# Делан Йозанаш

## Chechen Bible

© Institute for Bible
Translation, Moscow
(Институт перевода
Библии)

This Bible is copyrighted by Institute for Bible Translation, Moscow (ibtrussia.org) and is provided with permission at the cost of printing by the Digital Bible Society (dbs.org). This translation is made available to you under the terms of the Creative Commons Attribution-Noncommercial-No Derivatives license 4.0.

This Bible, and many others, are available for free download in a variety of digital formats at dbs.org/bibles.

*Language:*
*Country:*
*Publisher:*
*Copyright: © Institute for Bible Translation, Moscow (Институт перевода Библии)*
*Last Updated: 2023-10-20*
*ID: b9fa812e-0848-481d-a2d5-8b8c33e92a07*
*ISO: che*
*ISBN:*

Доладалар..............................4
Арададаккхар ......................... 45
Iамалъяр ............................. 79
Лелар ................................. 104
Карлабаьккхинарг ........... 142
ЮшаI.................................. 175
Куьйгалхой ........................ 195
Рути ................................... 217
Шамъал.............................. 221
Дауд................................... 249
Сулим ................................. 274
ТIаьххьарнаш ................... 304
1 Шерашкахь .................... 334
2 Шерашкахь .................... 362
Iезар................................... 395
Нахьми-ЯхIу ..................... 405
Эсират................................ 421
Аюб.................................... 429
Забур.................................. 455
Кицанаш ............................ 528
Устаз.................................. 548
Илли................................... 556
ЕшаI-ЯхIу.......................... 562
Ярми-ЯхIу.......................... 610
Тийжамаш.......................... 663
Яхьазкхиал ........................ 669
Даниал............................... 715
ХIушаI ............................... 729
Юал ................................... 739
Iамос .................................. 743
Iабди-ЯхIу.......................... 749
Юнус .................................. 751
Мика-ЯхIу.......................... 754
Нахьум ............................... 759
Хьабукъа ............................ 762
Цапни-ЯхIу......................... 765
Хьагай ................................ 768
Закри-ЯхIу.......................... 770
Малъаки ............................. 779
Маттай ............................... 782
Марк................................... 815
Лака ................................... 836
Яхьъя.................................. 869
Векалийн............................ 894
Римхошка........................... 923
1 Коринтхошка ................. 938
2 Коринтхошка ................. 952
Галатахошка ...................... 961
Эпасхошка ......................... 966
Пилапхошка ...................... 972
Ковлусихошка ................... 976
1 Тассалникахошка .......... 980
2 Тассалникахошка .......... 983
1 Тимапига ......................... 985
2 Тимапига ......................... 989
Тите .................................... 992
Пхьалмане ......................... 994
Iебархошка ........................ 996
Якъуба...............................1006
1 Кипин.............................1010
2 Кипин.............................1014
1 Яхьъяс............................1017
2 Яхьъяс............................1021
3 Яхьъяс............................1022
ЯхIуда...............................1023
Довзийтинарг .................1025

# Доладалар

## Дешхьалхе

Грекийн маттахь Делан Йозанийн хIара хьалхара тептар «генесис» цIе йолуш ду. Иза «схьадалар» бохург ду. Наха хIокху тептарх иштта аьллера, цо дуьне а, адам а кхолларх а, къа схьадаларх а, дуьнен чохь балахьегар дIадоладаларх а, Дала адамашна дечух а лаьцна дуьйцу дела. шина декъе декъа мегар ду:
1-11 кортош: Царна чохь дуьне кхоллар а, адамийн юьхьанцара истори а ю. Цу декъа тIехь Адамах а, Хьавах а, Кхаимах а, Хьабулах а, Нохьех а, хи тIедаларх а, Бавелан бIаьвнах а лаьцна дуьйцу.
12-50 кортош: Царна чохь исраилхойн ширачу дайх лаьцна дуьйцу. Хьалхарниг ИбрахIим ву. Цуьнан Делах тешар а, Далла муьтIахь иза хилар а гойту кхузахь. Цул тIаьхьа ИбрахIиман кIантах Исхьакхах а, кIентан кIантах Якъубах а (Исраил аьлла, кхин цIе а ю цуьнан), Исраилан халкъан шийтта тайпа кхоьллина волчу Якъубан шийтта кIантах а дуьйцу. Къаьсттина боккха тидам тIебохуьйту тептар тIехь Якъубан кIантах Юсупах а, Якъубан а, цуьнан кIентийн а шайн доьзалшца Мисар-махка дIакхалхарх а лаьцна дуьйцучунна.
Адамех лаьцна цу тептар тIехь дийцахь а, иза уггар хьалха Дала динчух лаьцна дийцар ду. Иза дIадолало Дала дуьне кхолларх лаьцна дуьйцуш, ткъа чекхдолу Дала Ша адамаш Iалашдийр ду аларца. Юьхьанцара дуьйна чекхдаллалц тептаран коьрта декъашхо Дела ву. Цо кхел а йо, зулам дечарна таIзар а до. Цо Шен нах дIа а буьгу, царна гIо а до, церан кхоллам дIа а нисбо. И шира тептар яздина дара, халкъан Делах долу тешарх лаьцна дIаяздархьама а, иза дийна долу тешар санна Iалашдархьама а.

### Дуьненан кхолладалар

1 Юьхьанца Дала кхоьллира стигалшший,
латтий. 2 Ткъа латта даьсса а, кегарин а дара,
гобаьккхина кIорга хи а, Iаьржа бода а бара, ткъа
Делан Са хиш тIехула лелаш дара.
3 †Дала элира: «Хуьлийла серло». ТIаккха серло
хилира. 4 Дела хьаьжча, Цунна и серло дика
хийтира. ТIаккха Дала серло боданах къастийра.
5 Серлонах Дала «де» элира, ткъа боданах «буьйса»
элира.
Иштта суьйре а дIаелира, Iуьйре а еара.
ДIаделира цхьа де.
6 ††Дала элира: «Хи юккъехула а доькъуш, дуькъа
хIаваъ хуьлийла». 7 Иштта хилла дIахIоьттира: Дала
дуькъачу хIавааца хи шина декъе дийкъира. Цхьа
дакъа хIаваана тIехула хуьлуш, важа дакъа бухахь
дуьсуш. 8 Цу дуькъачу хIаваах Дала «стигал» элира.
Суьйре а хилира, Iуьйре а тIееара. ДIаделира
шолгIа де а.
9 ТIаккха элира Дала: «Стигалан бухахь долу хи
дерриг цхьаьна а кхетийла, екъа меттиг а
хуьлийла». Иза иштта хилира. 10 Екъачу меттигах
Дала «латта» элира, ткъа цхьаьнакхеттачу хих
«хIорд» элира. И дерриге гича, Далла иза дика
хийтира.
11 Цул тIаьхьа Дала элира: «Лаьтта тIехь йолийла
сийналла а, буц а, ялта а, шайна чохь хIу а долуш,
стоьмаш ло дитташ а, шайна хIора стоьма чохь
хIуш а долуш. Оцу хIух юха а изза тайпа ораматаш
а хуьлуш». Иштта хилла дIахIоьттира. 12 Латто
сийналла а елира, буц елира, ялта а кхиира, шайн-
шайн тайпана хIу а луш, уьш юха а йовлуш.
Стоьмаш ло дитташ а хьаладевлира, шайна чохь
хIуш а долуш, царех кхин а цу тайпана дитташ а
довлуш. Иза а, хьаьжча, Далла хазахийтира.
13 Юха а суьйре дIаелира, Iуьйре а еара.
Чекхделира кхозлагIа де а.
14 Дала элира: «Хуьлийла стигалахь серлонаш!
Лаьтта тIе билгалонаш лойла цара, де буьйсанах а
къастош, хенан заманаш а йоькъуш, денош а,
шераш а доькъуш. 15 Лаьтта тIе шайн серло а лойла
цара». Иштта хилла дIахIоьттира. 16 Цу тайпана
кхоллаелла шиъ коьрта серло, царех йоккхачо
дийнан, ткъа жимочо буьйсанан Iуналла а деш.
Седарчий а кхолладелла стигалахь. 17 Уьш Дала
дIанисдина стигалахь, лаьтта тIе шайн серло
ялийта а, 18 дийнан а, буьйсанан а Iуналла дан а,
серло боданах къасто а. Дела хьаьжча, Цунна и
дерриге а хазахийтира.
19 Суьйре а еара, Iуьйре а тIекхечира. ДоьалгIа де
а дIаделира.

† 1:3 2 Коринтхошка 4:6. †† 1:6-8 2 Кипин 3:5.

20 Юха Дала элира: «Хуьлийла хи чохь дукха а,
массо а тайпана садолу хIуманаш. ХIаваэхь тIема
довлийла дукха а тайп-тайпана олхазарш а».
21 Иштта кхоьллира Дала Iаламат хIордан
дийнаташ а, массо а тайпана хи чохь йолу садолу
хIуманаш: яккхий а, кегий а. ХIаваэхь тIема
девлира дукха а массо а тайпана олхазарш. Дела,
хьаьжча, Ша кхоьллинчунна реза хилира. 22 Цо,
уьш декъалдеш, элира: «Дебийла шу, тIаьхье
беркате а хуьлуш, хIордаш хих дузуш. Дукха а
олхазарш кхуьийла дуьнен чохь».
23 ТIееара суьйре, хилира Iуьйре а. ДIаделира
пхоьалгIа де а.
24 Юха Дала элира: «Хуьлийла лаьтта тIехь массо а
тайпана садолу хIуманаш а, даьхни а, текхаргаш а,
лаьттан акхарой а, шайн-шайн тайпанашца».
Иштта хилла дIахIоьттира. 25 Тайп-тайпана акхарой
а, даьхни а, лаьттан текхаргаш а, ерриге
тайпанашца кхоллаелира. Хьаьжча, Далла иза а
хазахийтира.
26 †ТIаккха Дала элира: «Кхуллур Вай адам, Вешан
аматехь а, вастехь а долуш. Хуьлийла уьш олалла
деш дуьнен чу мел кхоьллинчу са долчу
хIуманашна тIехь: хи чуьра а, лаьтта тIера а
дийнаташна тIехь а, лаьттан текхаргаш тIехь а,
хIаваэра олхазаршна тIехь а, дерриге лаьтта тIехь
а».
27 ††Иштта кхоьллира Дала адам. Стаггий, зудий
кхоьллира Цо Шен аматехь.
28 Уьш декъалбеш, Дала элира: «Дебийла шу,
тIаьхье стам а луш, дузийла аш латта, шайн дола
доккхийла аша иза. Олалла дойла аш массо а хи
чуьра чIерашна тIехь а, хIаваэра олхазаршна тIехь
а, дерриге а лаьтта тIера дийнаташна тIехь а».
29 Юха а элира Дала: «Шуна ло Аса дерриге а
лаьтта тIера массо а хIу тосу ораматаш а, массо
тайпана стом ло дитташ а, шайна чохь оццу
диттийн хIу а долуш. Царех хир ю шуна юург.
30 Ткъа ерриге а садолчу хIуманна а ло Аса массо а
тайпана гIа-буц. Ерриге а лаьтта тIера акхарошна а,
массо а стигалара олхазаршна а, хIора лаьттан
текхаргана а юург хир ю иза». И дерриге а хилла
дIахIоьттира.
31 Оцу Ша мел кхоьллинчуьнга Дела резахиларца
хьаьжира. Иштта еара суьйре а, Iуьйре а хилира.
ЯлхалгIа де а дIаделира.

2 Иштта кхолладелла стигалш а, латта а, царна
тIехь мел йолу хIума а.
2 ‡ВорхIалгIа де тIедале чекхдаьхна Дала дерриге
а Ша мел дина гIуллакхаш. Цу дийнахь, Ша мел
динчу гIуллакхех паргIат а ваьлла, Дала садаьIира.
3 ТIаккха и ворхIалгIа де Дала, декъалдеш,
къобалдира. Цу дийнахь Шен массо а
кхоллараллийн гIуллакхаш кхочушдина дела, Дала
садаьIира.

### Адам а, Хьава а

4 ХIара ду стигалшкахь а, лаьтта тIехь а хилларг,
Везачу Дала уьш кхуллучу хенахь. 5 Цу хенахь
лаьтта тIе яьлла яцара цхьа а аренан буц я колл,
хIунда аьлча Дала хIинца а догIа ца даийтинера
лаьтта тIе, адам а ца хиллера и латта лело. 6 Ткъа
лаьтта тIера Iаь хьалайолура, и дерриге а латта
тIада а деш. 7 ‡†ТIаккха лаьттан поппарх адам
кхоьллира Везачу Дала, цунна чу са а дуьллуш,
ткъа и адам денделира.
8 ТIаккха Везачу Дала, малхбалехь йолчу Iедан цIе
йолчу меттигехь беш а йийна, цига Ша кхоьллина
стаг хаийра. 9 ‡‡Цу лаьтта тIехь Везачу Дала
кхолладалийтира массо а тайпана дитташ,
тIехьаьжча хаза а, тамехь а долуш, царна тIера
стоьмаш даа пайден а долуш. Бешана юккъехь
дара дахаран дитт а, дика а, вон а довзуьйту дитт а.
10 Цу бешахь хи тохархьама, Iедан-меттигера
схьадолура хи, тIаккха иза деа декъе декъалора.
11 Цхьаннан цIе Пишон ю, иза ду дерриге а Хьавил-
лаьттана тIехдолуш. Оцу лаьттах деши а доллу.
12 (Цу лаьттара и деши дика а ду. Цигахь ю
«бадолахь» олу сегIазах тера а йолуш, *хаза хьожа
йогIу хIума* а, «оникс» олу деза тIулгаш а ду).
13 ШолгIачу хин цIе ю Гихьон, иза тIехдолу дерриге
а *Хуша* олучу лаьтта тIехула. 14 КхоалгIачу хин цIе ю
Хьиддекхал. Иза доьду Ашур-махка кхаччалц.
ДоьалгIа хи ду Эпрат.
15 ТIаккха Везачу Дала адам Iедан беша даха
хаийра, цуьнга и беш лела а йойтуш, Iалаш а
йойтуш. 16 Ткъа цу стагана Везачу Дала тIедиллира:
«Массо а дитт тIера стом баа мегар ду ахьа, 17 амма
дика а, вон а довзуьйтучу дитта тIера ма баалахь,
хIунда аьлча ахьа оцу тIера стом биинчу дийнахь
валарца дIавер ву хьо», – аьлла.
18 ТIаккха Везачу Дала элира: «Дика дац адам ша
цхьаъ хилар, кхуллур Ас цунна гIоьнча, цунах
терра а йолуш, цуьнца а йогIуш».
19 Массо а аренан акхарой а, даьхни а, дерриге а
стигалара олхазарш а кхоьллинера Везачу Дала
лаьттах. Цо уьш массо а адамна хьалха
дIахIоттийра, цу стага царна хIун цIераш тохку
хьожуш. ТIаккха оцу са мел долчу хIуманна адамо
елла цIераш йитира. 20 Иштта елира адамо цIераш
массо а даьхнина а, стигаларчу олхазаршна а,
массо а акхарошна а, амма адамна ца нисъелира
шеца йогIуш йолу гIоьнча.
21 ТIаккха Везачу Дала чIогIа наб кхетийтира
стагана. Цунна наб кхетта яьлча, цуьнан цхьа
пIенда схьа а баьккхина, и меттиг дилхаца
дIакъевлира. 22 Цул тIаьхьа Ша оцу адамна чуьра
баьккхинчу пIендарх Везачу Дала зуда йира, иза цу
стагана яла а еш.
23 Адамо элира:
«ХIара даьIахк сан даьIахкех ю,

† *1:26 1 Коринтхошка 11:7.* †† *1:27 Маттай 19:4; Марк 10:6.* ‡ *2:2 Iебархошка 4:4, 10.*

‡† *2:7 1 Коринтхошка 15:45.* ‡‡ *2:9 Довзийтинарг 2:7; 22:2, 14.*

дилха а сан дилханах ду,
кхуьнан цIе а адам † хир ю,
иза майрачух яьккхина дела».
24 ††Цундела стаг, шен дай-наний а дитина, шен
зудчух кхетар ву. ТIаккха цу шиннах цхьа дегI хир
ду.
25 И шиъ дерзина доллушехь, адам а, цуьнан зуда
а вовшех ийза а ца лора.

### Адамо дуьххьара къа латадар

3 ‡Везачу Дала кхоьллинчу акхарошна юкъахь
уггаре а хIилла долуш лаьхьа бара. Цо оцу
зудчуьнга элира: «Бакъ дуй и, хIокху бешара
цхьанна а дитта тIера Дала шуьга стом ма баа
аьлла бохург?»
2 Зудчо жоп делира лаьхьане: «Дитташ тIера
стоьмаш даа мега тхуна, 3 амма ялсамане юккъехь
цхьа дитт ду, цу тIера стом а ма баа, хьакха а ма ло
цу диттах аьлла Дала тхоьга, тхо дала ца
далийтархьама».
4 ТIаккха лаьхьано зудчуьнга элира: «ХIан-хIа,
лийр дац шу, 5 амма Далла хаьа, аша оцу дитта
тIера стом бииначу дийнахь дуьйна шун бIаьргаш
дIабеллалур буй, дика-вон а девзаш, шу Цуьнга
дIатарлур дуй!»
6 Зудчунна и дитт хаза хилар а, цунна тIера
стоьмаш даа тамехь хилар а гира. Уггаре а
хазделира цунна цу дитто кхетам алсам болуьйтург
хилар. Зудчо дитта тIера стоьмаш а баьхна, ша а
биира, шена юххехь волчу майрачуьнга а белира.
Вукхо а уьш биира. 7 ТIаккха дIаделладелира церан
шинне а бIаьргаш. Шаьшшиъ дерзина дуй хиъна,
инжиран диттан даккхий гIаш а даьхна, уьш
вовшах а тегна, цаьрца дIахьулдира цара шайн
догIмаш.
8 Дийнан йовхо лагIъеллачу хенахь бешахь
лелаш волчу Везачу Делан аз а хезна, адам а,
цуьнан зуда а бешан дитташна юккъехь
къайладелира Цунах. 9 Ткъа Веза Дела кхайкхира
адаме: «Хьо мичахь ву?» – аьлла.
10 Стага жоп делира: «Цу бешахь Хьан аз а хезна,
Хьох кхера а велла, со верзина волу дела,
дIалечкъира со».
11 Везачу Дала хаьттира: «Хьо верзина ву хьан
аьлла хьоьга? Аса баа мегар дац аьллачу дитта
тIера стом бииний-те ахьа?» – аьлла.
12 Адамо жоп делира: «Ахьа суна еллачу зудчо цу
дитта тIера даьхна стоьмаш делира соьга, ткъа аса
уьш диира», – аьлла.
13 ‡†ТIаккха Везачу Дала зудчуьнга элира: «И хIун
ду ахь динарг?»
Зудчо жоп делира Цуьнга: «Лаьхьано, хIилла а
дина, Iехийра со, ткъа аса и стоьмаш диира», –
аьлла.
14 ТIаккха Везачу Дала лаьхьане элира:
«И вон ахь дарна, хьуна а хир ду вон.
НеIалт кхайкхадо хьуна массо а даьхнина а,
ерриге а аренан акхарошна а хьалха.
ХIинца дуьйна хьо баллалц текхар бу хьо гай
тIехь, чан а юуш.
15 ‡‡ХIинца дуьйна, хьуна а, зудчунна а юкъахь а,
хьан тIаьхьенна а, цуьнан тIаьхьенна а юкъахь
а мостагIалла хир ду.
Зудчун тIаьхьено хьан коьртах чов йийр ю,
ткъа ахьа цуьнан когах чов йийр ю».
16 Ткъа зудчуьнга Везачу Дала элира:
«Хьо доьзалхочух йолуш лазарш чIагIдийр ду
хьан,
лазаршца доьзалхо а хир ву хьан.
ТIаккха майрачуьнга сатуьйсуш хир ю хьо,
ткъа иза хьуна тIехь олалла деш хир ву».
17 ‡‡†Адаме ‡‡‡ Везачу Дала элира: «Аса аьллачуьнга
ла а ца дугIуш, хьайн зудчо бохург а дина, ма баа
аьлла стом ахьа баарна,
хьо бахьанехь неIалт кхайкхадо Ас кху лаьттана а.
Хьо валлалц халонца а, къинхьегамца а лохур ду
ахьа хьайна напха.
18 КIохцалш а, яраш а евр ю цу лаьтта тIе,
аренан ораматех хир ю хьуна юург.
19 Хьацарлахь доккхур ду ахьа хьайн бепиг,
юха а, хьо схьаваьллачу лаьтта чу хьо верззалц.
Ас хьо лаьттан ченах вина волу дела,
юха а чан хир ю хьох».
20 ТIаккха Адама шен зудчунна «Дахар луш ерг»
(Iебархойн маттахь: Хьава), аьлла цIе тиллира,
хIунда аьлча иза лаьттахь мел дехачу адамийн
нана хир йолу дела.
21 ТIаккха Везачу Дала Адамна а, цуьнан зудчунна
а неIаран духар дира, иза царна тIе а духуш.
22 §Везачу Дала элира: «ХIинца адам а Вайх цхьаъ
хили, дика а, вон а девзаш. ХIинца, шайн куьйгаш а
кховдийна, дахаран дитта тIера стом а баьккхина,
иза биина, хедар доцучу дахаре ма кхочийла уьш».
23 Цул тIаьхьа Адам Iедан-бешара дIаэккхийра
Везачу Дала, цуьнга ша схьаваьлла волу латта
леладайтархьама. 24 Иза дIа а эккхийна, Iедан-
бешана малхбалехьа агIор, чу волучохь, Везачу
Дала дIахIоттийра дахаран диттана Iуналлина
*каруб-маликаш*. Оцу диттана тIе ца гIортийта, цIе
санна къеггина догуш а, меттахъхьеш а долу тур а
хIоттийра.

### Кхаим а, Хьабул а

4 Адам шен зудчух Хьавах кхийтира. Цо,
доьзалхочух а хилла, кIант вира. Хьавас элира:
«Везачу Элан гIоьнца бер дина ас». Цундела берах

† *Адам *– Iебархойн маттахь «зуда» бохург «стаг» бохучуьнца цхьаьна доьзна ду.** †† *2:24 Маттай 19:5; Марк 10:7, 8; 1 Коринтхошка 6:16; Эпасхошка 5:31.* ‡ *3:1 Довзийтинарг 12:9; 20:2.* ‡† *3:13 2 Коринтхошка 11:3; 1 Тимапига 2:14.*

‡‡ *3:15 Довзийтинарг 12:17.* ‡‡† *3:17, 18 Iебархошка 6:8.* ‡‡‡ *Адаме *– кхузахь деша мега «адаме» я «Адаме».** § *3:22 Довзийтинарг 22:14.*

цо «Кхаим» элира (Iебархойн маттахь иза «дийриг»
бохург ду). 2 Цул тIаьхьа Кхаиман ваша Хьабул вира
Хьавас.
Хьабулах жаIу хилира, ткъа Кхаимах –
латталелорхо.

### Дуьххьара стаг вер

3 Цхьа хан яьлча, Кхаима шена лаьтто деллачу
ялтанах дакъа Везачу Элана хьалха деара. 4 †Ткъа
Хьабула шен жена юкъара уггар тоьлла долу
дуьххьарлера Iахарий деара. Веза Эла резахиларца
хьаьжира Хьабуле а, цо деанчуьнга а. 5 Ткъа
Кхаиме а, цо деанчуьнга а реза воцуш хьаьжира
Веза Эла. ЧIогIа оьгIазвахана, хьаьжа юккъе шад
хIоттийра Кхаима.
6 ТIаккха Везачу Эло элира Кхаиме: «Хьо ма
оллавелла ву? Хьо ма оьгIазе ву! 7 Ахь диканиг деш
хилча, ларамца тIеоьцу хьо. Ахь диканиг деш ца
хилча, хьан неIарехь къа лаьтта. И хьо Iехо гIерташ
ду, хьо цул тола веза».
8 ††ТIаккха, цхьана дийнахь, Кхаима Хьабуле
элира: «Аренга гIой вайшиъ?» Уьш аренга
баьхкича, Кхаима, шен вешина Хьабулина чу а
гIоьртина, иза вийра.
9 ТIаккха Везачу Эло Кхаиме хаьттира: «Мичахь ву
хьан ваша Хьабул?»
Кхаима элира: «Суна хIун хаьа? Со гIарол-м вац
сан вешина?!»
10 ‡ТIаккха Везачу Эло элира: «Ахь хIун дина? Хьан
вешин цIийн аз кхойкхуш хеза Суна лаьттара.
11 ХIинцачул тIаьхьа неIалт кхайкхадо Ас хьуна,
хьан карах валар хилла хьан вешин цIий дIаоьцучу
лаьтта тIехь. 12 Ахь латта лелош, цо кхин лур дац,
хIинццалц санна, рицкъа. Ткъа кху лаьттахь, меттиг
ца карош, лелар ву хьо».
13 ТIаккха Кхаима элира Везачу Эле: «И таIзар лан
ницкъ кхочур бац сан. 14 Ахьа хIинца со кху
лаьттара а, Хьайн юьхь-дуьхьалара а эккхаварна,
со волавелла лела везар ву. Суна дуьхьал мел
кхетар волчун со вен таро хир ю».
15 Везачу Эло элира Кхаиме: «Нагахь санна хьо
цхьаммо вехь, цунна ворхIазза бекхам бийр бу Ас».
ТIаккха Везачу Эло Кхаимна тIехь тамашийна
билгало йира, и билгало хилар бахьана долуш, иза
дуьхьал кхетча, цхьаьнгге а ца вейтархьама.
16 Иштта Кхаим, Везачу Элана хьалхара дIа а
ваьлла, Iедан-бешана малхбалехьарчу, Нада ‡† цIе
йолчу меттиге ваха охьахиира.
17 Кхаим шен зудчух а кхетта, церан кIант хилира.
Цунна ХIанох аьлла цIе тиллира. Цигахь Кхаима,
гIала а хIоттийна, шен кIентан цIарах ХIанох элира
цунах.
18 ХIанохан хилира кIант Iийрад, ткъа Iийрадан
хилира Махьуял. Махьуялан хилира кIант
Матушаал, Матушаалан а хилира кIант ЛемакI.
19 ЛемакIа ши зуда ялийра: цхьаннан цIе Iада яра,
вукхуьнан – Цилла. 20 Iадас вира кIант Явал. Четарш
чохь Iаш а, даьхни лелош а болчеран да хилира
цунах. 21 Iадин кхин а цхьа кIант хилира Ювал,
Явалан ваша. Цунах массо зурма а, дечиг-пондар а
локхучеран да хилира. 22 Циллас а вира кIант,
Тубал-Кхаим. Цунах массо тайпана йоьзах а, эчигах
а герз деш болчу пхьерийн да хилира. Тубал-
Кхаиман йиша яра НаIмат.
23 Шен зударшка ЛемакIа элира:
«Iада а, Цилла а! ЛемакIан зударий!
ЛадогIа соьга леррина! Тидам бе сан дешнийн.
Сайна чов йича, стаг вийна ас.
Цу къонахчо сайна тоьхча, иза вийна ас.
24 Кхаим вийначунна ворхIазза бекхам хуьлуш
хилча,
со вийначунна кхузткъе вуьрхIиттазза а бекхам
хир бара».
25 Адам шен зудчух Хьавах а кхетта, церан кхин а
цхьа кIант хилира. Цунна ШатIа аьлла цIе тиллира
(иза Iебархойн маттахь «схьавелларг» бохург ду).
«Дала кхин цхьа кIант схьавелла суна. Кхаима
Хьабул вийра, ткъа хIинца сан ШатIа а ву», – элира
Хьавас. 26 ШатIин а хилира кIант, цо цунах Энош
элира.
Цу хенахь адамаш Везачу Элан цIе йоккхуш,
Цуьнга кхайкха буьйлабелира.

### Адамна тIера Нохьина тIе кхаччалц йолу хан

(1 Шерашкахь 1:1-4)

5 ‡‡ХIара ду Адаман тIаьхьенах хиллачун тептар.
Дала адам Шен вастехь кхоьллинера.
2 ‡‡†Стаггий, зудий кхоьллинера Цо. Уьш декъал а
бина, Ша уьш кхоьллинчу дийнахь царех «адамаш»
элира Дала.
3 Адаман цхьа бIе ткъе итт шо кхаьчнера, цуьнан
кхин а цхьа кIант хилча. Иза веккъа цуьнан
аматехь а, вастехь а вара. Шен кIантана ШатIа
аьлла цIе тиллира Адама. 4 ШатIа хиллачул тIаьхьа
кхин бархI бIе шарахь вехира Адам. Оцу заман
чохь цуьнан кхин а кIентий а, йоIарий а хилира.
5 Адам, исс бIе ткъе итт шарахь ваьхна,
дIакхелхира.
6 ШатIа цхьа бIе пхеа шарахь ваьхча, цуьнан
хилира кIант Энош. 7 Энош хиллачул тIаьхьа кхин
бархI бIе ворхI шарахь вехира ШатIа. Оцу заман
чохь цуьнан кхин кIентий а, йоIарий а хилира.
8 ШатIа, исс бIе шийтта шарахь а ваьхна,
дIакхелхира.
9 Энош дезткъе итт шарахь ваьхча, цуьнан
хилира кIант Къаим. 10 Къаим хиллачул тIаьхьа
кхин бархI бIе пхийтта шарахь вехира Энош. Оцу
заман чохь цуьнан кхин кIентий а, йоIарий а
хилира. 11 Энош, исс бIе пхеа шарахь а ваьхна,
дIакхелхира.

† *4:4 Iебархошка 11:4.* †† *4:8 Маттай 23:35; Лака 11:51; 1 Яхьъяс 3:12.* ‡ *4:10 Iебархошка 12:24.* ‡† *Нада *– Iебархойн маттахь «Нада» «волавелла лелар» бохург ду.**

‡‡ *5:1, 2 Доладалар 1:27, 28.* ‡‡† *5:2 Маттай 19:4; Марк 10:6.*

12 Къаим кхузткъе итт шарахь ваьхча, цуьнан
хилира кIант Махьаллал. 13 Махьаллал хиллачул
тIаьхьа кхин бархI бIе шовзткъа шарахь вехира
Къаим. Оцу заман чохь цуьнан кхин кIентий а,
йоIарий а хилира. 14 Къаим, исс бIе итт шарахь а
ваьхна, дIаккхелхира.
15 Махьаллал кхузткъе пхеа шарахь ваьхча,
цуьнан хилира кIант Ярад. 16 Ярад хиллачул тIаьхьа
кхин бархI бIе ткъе итт шарахь вехира Махьаллал.
Оцу заман чохь цуьнан кхин кIентий а, йоIарий а
хилира. 17 Махьаллал, бархI бIе дезткъе пхийтта
шарахь а ваьхна, дIаккхелхира.
18 Ярад цхьа бIе кхузткъе шина шарахь ваьхча,
цуьнан хилира кIант ХIанох. 19 ХIанох хиллачул
тIаьхьа кхин бархI бIе шарахь вехира Ярад. Оцу
заман чохь цуьнан кхин кIентий а, йоIарий а
хилира. 20 Ярад, исс бIе кхузткъе шина шарахь а
ваьхна, дIаккхелхира.
21 ХIанох кхузткъе пхеа шарахь ваьхча, цуьнан
хилира кIант Матушалахь. 22 Матушалахь хиллачул
тIаьхьа кхин кхаа бIе шарахь, Дела даг чохь а
волуш, вехира ХIанох. Оцу заман чохь цуьнан кхин
кIентий а, йоIарий а хилира. 23 ХIанох кхаа бIе
кхузткъе пхеа шарахь вехира. 24 †ХIанох, Дела даг
чохь а волуш, лелаш вара. Цхьана дийнахь иза
къайлавелира, Дала иза дIавигна дела.
25 Матушалахь цхьа бIе дезткъе ворхI шарахь
ваьхча, цуьнан хилира кIант ЛемакI. 26 ЛемакI
хиллачул тIаьхьа кхин ворхI бIе дезткъе шина
шарахь вехира Матушалахь. Оцу заман чохь
цуьнан кхин кIентий а, йоIарий а хилира.
27 Матушалахь, исс бIе кхузткъе исс шарахь а
ваьхна, дIаккхелхира.
28 ЛемакI цхьа бIе дезткъе шина шарахь ваьхча,
цуьнан кIант хилира. 29 ЛемакIа шен кIантана
Нохьа аьлла цIе тиллира (иза ду Iебархойн маттахь
«синтем» бохург). ЛемакIа элира: «Вай дукха
къахьоьгуш ду, Везачу Эло неIалт кхайкхийначу
лаьтта тIехь. Ткъа Нохьас синтем бохьур бу вайна».
30 Нохьа хиллачул тIаьхьа кхин пхи бIе дезткъе
пхийтта шарахь вехира ЛемакI. Оцу заман чохь
цуьнан кхин кIентий а, йоIарий а хилира. 31 ЛемакI,
ворхI бIе кхузткъе вуьрхIитта шарахь а ваьхна,
дIаккхелхира.
32 Нохьа пхеа бIе шарахь ваьхча, цуьнан хилира
кIентий Шима, Хьама, Япат.

### Дерриге а Латта хица къайладаккхар

6 ††Лаьтта тIера адамаш алсамдовлуш хилла.
Церан хуьлуш хилла йоIарий а. 2 Делах
дIакъаьстина болчу божаршна и адамийн йоIарий
хаза хилар гора. Царех шаьш къастийнарш ялош
хилла цара. 3 ТIаккха Везачу Эло элира: «Могуьйтур
дац Аса адамашна гуттар а Сан са даа, уьш дилха
бен доцу дела. Церан дахаран шераш бIе ткъа шо
бен хир дац».
4 ‡Цу хенахь а, цул тIаьхьа а наьрташ хилла Лаьтта
тIехь. Делах дIакъаьстина болу божарий адамийн
йоIарех кхетий, оцу зударша бераш дан долийна.
Уьш дара майра а, ницкъ болуш а, дикка хенахь
дуьйна гIарадевлла а адамаш.
5 ‡†ТIаккха лаьттара адамаш чIогIа галдевлла
хилар а, церан ойланаш а, дегнаш а, массо а ханна
а зуламах дуьзна хилар а гира Везачу Элана. 6 Веза
Эла дохковелира Ша лаьтта тIехь адамаш
кхолларна. Цуьнан дог лозуш дара. 7 ТIаккха Везачу
Эло элира: «Со дохковаьлла, Айса Лаьттахь адам
кхолларна а, массо дийна мел йолу хIума
кхолларна а: Лаьттара дийнаташ а, текхаргаш а,
хIаваэра олхазарш а, – и дерриге а хIаллакдийр ду
Ас». 8 Цхьана Нохьина резахилла Веза Эла.

### Нохьин тIаьхье

9 ‡‡ХIара ду Нохьин тIаьхьенах хилларг.
Нохьа хилла шен тайпанехь лела хууш а, Далла
гергахь бакъахьара а, цIена а стаг. Иза Дела даг
чохь волуш лелаш вара. 10 Кхо кIант хилла Нохьин:
Шима, Хьама, Япат цIераш йолуш.
11 Ткъа Лаьттара адамаш Далла гергахь чIогIа
бехделлера, латта зуламех дуьзнера. 12 Дела Лаьтта
охьахьаьжча, Цунна гира латта бехделла хилар,
хIора Лаьттара стаг нийсачу новкъара дIаваьлла
дела.
13 ТIаккха Дала Нохье элира: «Адамаша латта
зуламех а, таIзарех а дуьзна, иза бехдина хIаллакдо
дела, Ас, хIаллак а дина, дIадоккхур ду и латта а, цу
тIехь мел йолу садолу хIума а. 14 Ткъа ахьа, хьайна
зоьзан-дечигах доккха хинкема а де, цу чохь
къаьстина чоьнаш а е, тIаккха кемана чухула а,
тIехула а силам а хьакха. 15 Ткъа кема иштта де:
кеманан йохалла кхо бIе дол ‡‡† барамехь, цуьнан
шоралла шовзткъе итт дол, ткъа лакхалла ткъе итт
дол хила еза. 16 Кеманан тховх кор а даккха цхьа
дол барамехь, ткъа агIо тIехь неI а яккха ‡‡‡. Цу
кеман чохь тIех-тIехула а долуш кхо дакъа де.
17 Ткъа Аса хи доуьйтур ду лаьтта тIе, стигалш
бухара чохь са мел долу хIума а хIаллакьярхьама.
Лаьтта тIехь мел долу хIума хIаллакьхир ду. 18 Ткъа
хьоьца Аса Сайн барт бийр бу. Хьо а, хьан кIентий
а, хьан зуда а, хьан кIентийн зударий а хьоьца цу
хинкеманна чу бевр бу. 19 Иштта кеманна чу даккха
массо а тайпана дийнатех боьрша а, стен а шишша
хIума. Уьш а шуьца дийна йисийтархьама. 20 Ша-
ша тайпана олхазарех а, тайп-тайпана даьхнех а,
шайн тайпанашца массо а лаьттан текхаргех а,
царех массарех а шишша, боьрша а, стен а, чуевр
ю хьоьца, дийна йисархьама. 21 Ткъа ахьа, массо
тайпана даар схьа а эций, кеман чу дилла, хьуна а,
царна а юучунна».

† *5:24 Iебархошка 11:5; Довзийтинарг 14.* †† *6:1-4 Аюб 1:6; 2:1.*

‡ *6:4 Лелар 13:33.* ‡† *6:5-8 Маттай 24:37; Лака 17:26; 1 Кипин 3:20.* ‡‡ *6:9 2 Кипин 2:5.* ‡‡† *Дол *– куьйган гоьлана тIера пIелгийн буьхьигаш тIе кхаччалц барам.** ‡‡‡ *Я иштта: *Кеманан пенашна тIехула тхевнна тIе кхаччалц йолу меттиг цхьа дол барамехь йиллина а йита.**

22 †Нохьас и дерриге, шега Далла ма-бохху,
кхочушдира.

7 ТӀаккха Везачу Эло Нохье элира: «Хьо хьайн
доьзалца хинкеманна чу вала, хӀунда аьлча цу
заманан адамашна юкъахь хьо цхьаъ Сайн
лаамехь волу стаг хилар го Суна. 2 Хьайца схьаэца
хӀора тайпанах ворхӀ боьрша а, ворхӀ стен а хьанал
даьхнех, лаьттара хьарам долчу хӀора тайпана
дийнатех шишша схьаэца (боьрша а, стен а).
3 ХӀора тайпана олхазарех а схьаэца ворхӀ боьрша
а, ворхӀ стен а, церан тӀаьхье хилийтархьама
дерриге а лаьтта тӀехь. 4 Ткъа ворхӀ де даьлча,
шовзткъа дийнаххьий, шовзткъа бусий догӀа
доуьйтур ду Ас дерриге лаьтта тӀе, Айса мел
кхоьллинарг лаьтта тӀера хӀаллак а деш».
5 Нохьас Везачу Эло шега мел аьлларг
кхочушдира.
6 Хи тӀедалар лаьттахь хиллачу хенахь, Нохьин
ялх бӀе шо дара. 7 ††Нохьа шен доьзалца хинкеман
чу велира, оцу лаьтта тӀе хи тӀедаларх
кӀелхьарвалархьама. Цуьнца кеман чохь яра
цуьнан зуда а, кӀентий а, церан зударий а. 8 Цуьнца
цхьаьна кеман чу девлира хьанал даьхни а, хьарам
дийнаташ а, массо а тайпана олхазарш а, ерриге
тайпа лаьттан текхаргаш а. Уьш евлира кеман чу
шишша тайпана 9 (боьрша а, стен а). Шена Дала
тӀе-ма-диллара, Нохьас дерриге а кхочушдира.
10 ВорхӀ де даьлча, лаьтта тӀе хиш деара. 11 ‡Нохьин
ялх бӀе шо а кхаьчна, шолгӀачу беттан
вуьрхӀитталгӀачу дийнахь дӀаделладелла массо а
лаьтта бухара хиш. Оццу дийнахь, стигалш
дӀасаекъа а елла, лаьтта тӀе доккха догӀа деара. 12 (И
догӀа деара шовзткъа дийнаххьий, шовзткъа
бусий).
13 Ткъа Нохьа а шен зудчуьнца, Шима а, Хьама а,
Япат а шайн зударшца хинкеман чубевлла
бевллера. 14 Цаьрца хинкеманна чу евлира массо а
тайпана акхарой а, даьхни а шайн-шайн
тайпанашца, лаьттан тайп-тайпана текхаргаш а,
массо а тайпана тӀема мел йолу хӀума а, ша-ша
тайпа олхазарш а. 15 И массо а шайна чохь са
долуш йолу хӀуманаш, шишша массо а тайпанах,
чуяьллера Нохьица хинкеман чу. 16 Дала тӀе-ма-
диллара, массо а тайпана боьрша а, стен а чохь са
долуш йолу хӀуманаш кеманна чу яьлча, Нохьина
тӀаьхьа хинкеманан неӀ дӀачӀегӀира Везачу Эло.
17 Лаьтта хи тӀедалар шовзткъа дийнахь лаьттира.
Хи алссам а даьлла, хинкема хи чохь айа а делла,
лаьттах къаьстира. 18 Хи, кхин а чӀагӀлуш, дебара
лаьтта тӀехь, ткъа кема хин тӀехула лелара. 19 Хи
гулдалар лаьтта тӀехь тӀех а даьлла, стигалан
бухахь мел долу лаьмнаш дӀахьулделира хи чохь.
20 Лаьмнаш хьулделлачул тӀаьхьа кхин а пхийтта
*даларна* хьаладелира хи. 21 Лаьтта тӀехь лелаш мел
йолу садолу хӀума а, олхазарш а, даьхни а, акхарой
а, массо а боьха хӀуманаш а, лаьттахула текхаш

† 6:22 Iебархошка 11:7. †† 7:7 Маттай 24:38, 39; Лака
17:27. ‡ 7:11 2 Кипин 3:6.

йолу, дерриге а адамаш а дӀакхелхира. 22 Дерриге а
лаьтта тӀехь хилла йолу мерӀуьргашкахула садоӀуш
мел йолу хӀума елира. 23 Лаьттахь хӀора садоӀуш
мел йолу хӀума хӀаллакьхилира. ХӀаллакьхилла
дӀадевлира адамаш а, даьхни а, текхаргаш а,
стигалан олхазарш а. Иштта хӀаллакдира Дала
лаьттахь мел хилла хӀума а. Нохьа а, цуьнца
хинкеман чохь берш а бен дийна ца бисира.
24 Ткъа хи чӀагӀлуш лаьттира лаьттахь цхьа бӀе
шовзткъе итт дийнахь.

8 Нохьа а, Нохьица хинкеман чохь йолу ерриге
акхарой а, дерриге а даьхни а Шена дагахь
долу дела, лаьтта тӀе мох бахийтира Дала. ТӀаккха
хиш лагӀделира. 2 Гобаьккхина долу лаьтта бухара
хьаладуьйлу хиш совцийнера, стигалш дӀа а
къовлаелла, догӀучуьра догӀа а сацийнера. 3 Цхьа
бӀе шовзткъе итт де даьлча, лаьтта тӀера хи, тӀаьхь-
тӀаьхьа шен метта а доьрзуш, лагӀлуш дара.
4 ВорхӀалгӀачу беттан вуьрхӀитталгӀачу дийнахь
хинкема Арарат-лаьмнашкахь сецира. 5 Хи
тӀедаларан уьтталгӀа бутт болуш хи лагӀлуш
лаьтташ дара, ткъа уьтталгӀачу беттан хьалхарчу
дийнахь лаьмнийн баххьаш гучудевлира.
6 Шовзткъа де даьлча, Нохьас дӀадиллира ша
дина хинкеманан кор. 7 ТӀаккха къиг арахийцира
цо, иза тӀема а йолуш, юха а йогӀуш лийлира, латта
хих дакъадаллалц. 8 Цул тӀаьхьа кхокха ара
хийцира цо, лаьтта тӀера хиш лагӀделла даьллий-те
хаархьама. 9 Амма кхокханна ца карийра шен
когаш тӀебилла екъа меттиг, иза юха беара
хинкеман чу, хӀунда аьлча хи хӀинца а долуш дара
дерриге а лаьтта тӀехь. Нохьас шен куьг а
кховдийна, кхокха схьаийцира хинкеман чу. 10 Кхин
а ворхӀ дийнахь собар а дина, Нохьас юха а
арахийцира кхокха кеман чуьра. 11 Суьйренца
кхокха юхабирзира, шен зӀакар чохь керла *зайт-
диттан* гӀа а дахьаш. ТӀаккха Нохьина хиира хи
лаьтта тӀера дӀадаьллий. 12 Кхин а ворхӀ дийнахь
хьем а бина, юха а кхокха арахийцира Нохьас, цул
тӀаьхьа кхокха юха ца бирзира. 13 ТӀаккха
хинкеманан неӀ дӀайиллира Нохьас. ДӀасахьаьжча,
латта декъа хилар гира цунна. Иза дара хьалхарчу
беттан хьалхарчу дийнахь. Нохьин ялх бӀе цхьалгӀа
шо дара цу хенахь. 14 ШолгӀачу беттан ткъе
ворхӀалгӀачу дийнахь дерриге а латта
дакъаделлера. 15 ТӀаккха Дала Нохье элира:
16 «Арадовла хинкеман чуьра хьо а, хьан зуда а,
хьан кӀентий а, церан зударий а хьоьца. 17 Массо а
дийнаташ арадаха хьайца, массо а тайпана:
олхазарш а, даьхни а, ерриге а лаьттан текхаргаш
а. ДӀасадовлийла уьш лаьтта тӀехула. Лаьтта тӀехь
дебийла уьш, тӀаьхье а луш».
18 Нохьа а, цуьнан кӀентий а, цуьнан зуда а,
кӀентийн зударий а арабевлира хинкеман чуьра.
19 Царна тӀаьххье ерриге а акхарой а, массо а боьха
хӀуманаш а, дерриге олхазарш а, лаьттахула мел
лела са долуш йолу хӀума а араелира цу чуьра.

20 ТIаккха Везачу Элана лерина сагIа доккхучу
метте тIулгаш хIиттийра Нохьас. Шеца долчу
даьхнин юкъара а, олхазаршна юкъара а тоьлла а,
хьанал а дерш, цхьацца къаста а дина, Далла
хьалха уьш дагийра цо. 21 И тамехь йолу хаза хьожа
дIакхечира Далла. ТIаккха Шен дагахь Везачу Эло
элира:
«Адамаш жимчохь дуьйна зуламах дуьзна делахь
а, кхин цкъа а неIалт кхайкхор дац Аса латтана
адам бахьанехь. Кхин цкъа а хIаллакйийр яц Ас
лаьттара са мел долу хIума.
22 ХIинца дуьйна, латта мел ду,
цу тIехь ялта дIадер а, хьакхар а,
шело а, йовхо а,
аьхке а, Iа а,
де а, буьйса а
хийцадалар соцур дац».

## Дала Нохьица бина барт.

9 †ТIаккха Нохьа а, цуьнан кIентий а декъалбеш,
Дала элира цаьрга:
«ТIаьхье стам а луш, деба а дебаш, латта дузийла
аш. 2 Шух кхера а кхоьруш, шуна хьалха ега а еш,
хуьлийла лаьтта тIехь мел йолу акхарой а,
стигалахь мел долу олхазарш а, кху лаьттахь лелаш
мел йолу текхаргаш а, хIорда чохь мел долу чIерий
а. Шун кара дIаделла Ас и дерриге а. 3 Массо а
ораматаш еллера Ас шуна, ткъа хIинца дерриге а
дийнаташ хир ду шуна юучунна. Лаьттара са мел
долу хIума а дIало Ас шуна юучунна. 4 ††Амма цхьа
хIума тIедуьллу ас шуна: шена чохь са долу, шех
цIий дIадалаза долу жижиг ма даалаш. 5 Адаман
цIий Iанорна Соьга жоп дала деза, цу цIийна чохь
са долу дела. ХIора стага а жоп дала деза ша
адаман Iанийначу цIийнах, муьлххачу акхароша а
жоп дала деза, шаьш адаман цIий Iанийча.
6 ‡Цхьана стага адаман цIий Iанийнехь, цуьнан
цIий а Iанор ду, цу стага Делан вастехь
кхоьллинчуьнан цIий Iанийна дела. 7 ‡‡Ткъа шу
деба а деба, шайн тIаьхье стам а е, дIаса а даржа
лаьтта тIехь, алссам а довла цу тIехь».
8 Дала элира Нохье а, цуьнан кIенташка а:
9 «Ткъа Ас барт бо шуьца а, ерриге а шул тIаьхьа
хир йолчу шун тIаьхьенца а, 10 массо олхазаршца а,
мел долчу дийнаташца а, массо а акхарошца,
шуьца хинкеман чуьра араяьллачу, лаьттара са
мел долчу хIуманца а. 11 Иштта барт бо Ас шуьца:
лаьттара йисина дийна мел йолу хIума хица
хIаллакйина яра, амма ишттаниг кхин цкъа а юха
хир дац аьлла. Кхин цкъа а латта хи тIедаларца
хIаллакдийр дац».
12 ТIаккха Дала элира: «Шуьца бинчу бертан
тоьшалла дуьту Ас. Оцу тоьшалло чIагIдийр ду Ас
шуьца а, дийна мел йолчу хIуманца а, тIейогIучу
массо а ханна, барт бар. ХIара ду и тоьшалла:
13 стелаIад хIоттадо Ас стигалан мархашкахь. И ду
тоьшаллина Суна а, Лаьттана а юкъахь бинчу
бертан. 14 Ас лаьттана тIехула гулйина мархашна
юкъахь стелаIад гучудаьлча, 15 Суна дагабогIур бу
Ас шуьца а, лаьттахь дийна мел йолчу хIуманца а
бина барт, кхин цкъа а массо а дийна хIума хи
тIедаларца хIаллакйийр яц аьлла. 16 Стигалан
мархашка а хьаьжна, стелаIад гича, дагабогIур бу
Суна Сайна а, лаьттара дийна мел йолчу хIуманна а
юкъара цкъа а хедар боцу барт».
17 Иштта элира Дала Нохье: «И стелаIад лаьттахь
дийна мел йолчу хIуманна а, Сайна а юкъахь бинчу
бертан тоьшаллина хир ду».

## Нохьин кIентий

18 Хин кеман чуьра арабевллачу Нохьин кIентийн
цIераш иштта яра: Шима, Хьама, Япат. Ткъа Хьама
КанаIанан да вара. 19 И кхоъ Нохьин кIант вара,
ткъа царех хилла лаьттара адамийн тIаьхье.
20 Нохьас латта лело а долийра, кемсийн аре а
дIайийра. 21 Кемсийн чагIар а мелла, ваха а вехна,
верзина а ваьлла, шен четар чохь, тIе хIума а
тасаза, вижина Iуьллуш вара Нохьа. 22 КанаIанан
дена Хьамина гира шен ден верзина ваьлла хилар,
тIаккха цо ара а ваьлла, цунах лаьцна шен шина
веше дийцира. 23 Ткъа Шима а, Япат а, шайн ден
бедар схьа а эцна, шаьшшиннан белшаш тIе а
йиллина, тIехьа а вирзина, кIегара шайн дена тIе
вахара. И бедар цунна тIе а тесна, Нохьин верзина
хилар дIакъевлира цара. Уьш тIехьа бирзина болу
дела, царна шайн ден верзина хилар ца гира.
24 Ша меллачу чагIарх васта а велла, самаваьлча,
Нохьина хиира, шена тIехь жимаха волчу кIанта
Хьамас динарг. 25 ТIаккха Нохьас элира:
«НеIалт хуьлда КанаIанна. Шен вежарийн лешна
хьалха а лай хир ву иза», – аьлла.
26 Кхин а элира цо:
«Декъала ву Веза Эла, Шимин Дела,
ткъа КанаIан Шимин лай хуьлийла.
27 Япатан тIаьхье Дала беркате а йойла,
Шимин четарш чохь а Iойла Япат.
Ткъа КанаIан Япатан лай хуьлийла!»
28 Лаьтта тIехь хи тIедалар хиллачул тIаьхьа, кхо
бIе шовзткъе итт шарахь вехира Нохьа. 29 Дерриге
а Нохьа ваьхна шераш исс бIе шовзткъе итт шо ду.
ТIаккха Нохьа дIакхелхира.

## Нохьин кIентийн тIаьхье

(1 Шерашкахь 1:5-23)

10 ХIара ду Нохьин кIентийн Шимин а, Хьамин
а, Япатан а тIаьхьенах хилларг.
Лаьттахь хи тIедалар хиллачул тIаьхьа церан
иштта тIаьхье хилира.
2 Япатан кIентий бара: Гомар, МагIогI, Мадай,
Яван, Тубал, Машах, Тирас.
3 Гомаран кIентий бара: Ашкиназ, РипIат,
ТогIарма.

† 9:1 Доладалар 1:28. †† 9:4 Iамалъяр 7:26, 27; 17:10-14; 19:26; Карлабаькккхинарг 12:16, 23; 15:23. ‡ 9:6 Арадаккхар 20:13; Доладалар 1:26. ‡† 9:7 Доладалар 1:28.

4 Яванан кIентий бара: Элша, Таршаш, Хитам,
Доданам. 5 ГIайренаш † тIехь баха охьахевшинарш
массо а Япатан кIентийн тIаьхьенах бара. ХIора
кIентан а шен долахь латта а дара. ХIора доьзал а
алсамболуш, тайп-тайпана къаьмнаш
кхолладелира, шен-шен буьйцу мотт а болуш,
дIахIиттира уьш.
6 Хьамин кIентий бара *Хуша*, Мисар, ПIатIа,
КанаIан.
7 Хушин кIентий бара Себа, Хьавил, СабтIа,
РуIман, Сабтехьа.
РуIманан кIентий бара Шеба а, Даддан а.
8 Ткъа Хушин вара Намрад цIе йолуш кIант, иза
чIогIа ницкъ болуш кIант а вара. 9 Иза Везачу
Элана гергахь воккха талла рхо †† вара, цундела
цуьнца дустуш адамашна олуш ду: «Иза, Намрад
санна, Везачу Элана гергахь воккха талла рхо ву».
10 Намрад-пачхьалкхана юкъайогIуш хилла
юьхьенца Бавел, Эрахь, Аккад. Уьш ерриш ШанIар-
аренна тIехь яра. 11 Иштта цу махкара ваьлла Ашур.
Цо хIиттийна Нунав-гIала а, Рехьабат-гIала а,
Калахь а, 12 Расан а цIераш йолу гIаланаш а. Нунав-
гIалина а, йоккха йолчу Калахь-гIалина а юккъехь
яра Расан-гIала.
13 Мисарх бевлла лудамхой, Iанамхой, лахIабхой,
наптухьхой, 14 патIрусхой, шех пIелаштамхой
схьабевлла волу каслахIамхой, каптIархой.
15 КанаIанан кIентий хIорш бара: дуьххьарлера
доьзалхо волу ЦIадан, цул тIаьхьа хилла волу
Хьета. 16 Иштта КанаIанах схьабевлла: явсайхой,
эмархой, гIиргIашахой, 17 хьаьвихой, Iаьркхахой,
синахой, 18 арвадихой, цIемархой, хьаматхой.
Цул тIаьхьа КанаIанан тIаьхье дIасаяьржира.
19 КанаIанхойн мохк баьржина бара къилбаседехьа
йолчу ЦIадан-гIалара дуьйна къилбехьа йолчу
ГIарар-гIала тIекхаччалц, ткъа кхузара
малхбалехьара Iази-гIалара дуьйна малхбузера
Седам а, Iамор а гIаланашна тIекхаччалц, иштта
Удам а, ЦIабайма а гIаланашкара дуьйна ЛашаI-
гIала тIекхаччалц.
20 Иштта яра Хьамин тIаьхье шайн доьзалшца а,
буьйцучу меттанашца а, бехачу мехкашца а,
къаьмнийн декъадаларца а.

### Шимин тIаьхье

21 Шима Япатан воккхаха волу ваша вара. Шимин
тIаьхьенах цхьаъ вара Iебар. Иза дерриге а
Iебархойн тайпа долийнарг вара.
22 Шимин кIентий бара Iейлам, Ашур, Арпахшад,
Луда, Арам.
23 Араман кIентий IуцIа, Хьула, ГIетIар, Маша а
бара.
24 Арпахшадан кIант вара Селахь, ткъа Селахьан
кIант вара Iебар.
25 Iебаран ши кIант вара: цхьана кIентан цIе
ПалагI яра, хIунда аьлча иза вехачу хенахь латта
тIехь адам декъадалар а, дIасадаржар а хилла.
ПалагIан вешин цIе Якхтан яра. 26 Якхтанан а
хилира кIентий: Алмадад, ШалапI, Хьацармават,
Ярахь, 27 ХIайдарам, Узал, Дикхалла, 28 Iобал,
Абумаил, Шеба, 29 Апар, Хьавил, Ябаб. Уьш берриш
Якхтанан кIентий бара.
30 Церан Iар дара Мешаъ-махкана а, малхбалехь
долчу лаьмнашна а юккъехь долчу лаьтта тIехь.
Ткъа Мешаъ-мохк Сепар-мехкан лаьмнашца
бозалуш бара.
31 Иштта яра Шимин тIаьхье шайн доьзалшца а,
буьйцучу меттанашца а, бехачу мехкашца а,
къаьмнийн декъадаларца а.
32 Иштта яра Нохьин кIентийн доьзалийн тIаьхье
шен тайп-тайпанана къаьмнашна декъадаларца.
Царех даьлла массо а лаьтта тIехь дIасадаьржина
къаьмнаш, Дала дерриге а латта хьулдеш
дайитинчу хил тIаьхьа кхолладелла долу.

### Бавелан бIов хIоттор

11 Лаьтта тIехь массо а адамашна юкъахь
буьйцу мотт а цхьаъ бара, цара олуш долу
дешнаш а цхьатерра дара. 2 Малхбалехьара дуьйна
доладелла и адам, ШанIар-махкахь шера аре а
карийна, цигахь даха охьахиира.
3 «Дуьло, кибарчигаш а йина, уьш цIергахь ягор ю
вай», – элира цара вовшашка. Иштта тIулгийн
меттана кибарчигаш а, киран меттана силам
хилира церан. 4 Цара элира: «ГIала а, цу чохь
стигала а кхочуш бIов а хIоттор ю вай ваьшна,
хIокху лаьттахь массанхьахула дIаса ца
даржадайта, цIе а йоккхуьйтур ю вай вешан».
5 Адамаша кхуллуш йолчу гIалане а, бIаьвне а
хьажа охьавоьссира Веза Эла. 6 Везачу Эло элира,
цаьрга а хьаьжна:
«И массо адам цхьа халкъ а ду, массара а
буьйцуш цхьа мотт бу, ткъа хIун дан буьйлабелла
уьш. ХIинца дерриге а шайна дан дага догIург ца
далуш дуьсур дац церан. 7 Дуьло, охьа а диссина,
цара буьйцу мотт дIаэбийр бу вай, уьш вовшаша
дуьйцучух а ца кхоьтуьйтуш».
8 ТIаккха Везачу Эло и халкъ массо а лаьттахула
дIасадаржийра, цара хIоттош йолу гIала чекх а ца
йоккхуьйтуш. 9 Цу гIаланах цара Бавел-гIала элира
(иза ду Iебархойн маттахь «Эбина-гIала»), хIунда
аьлча цигахь Лаьттара массо а къаьмнийн буьйцу
мотт Везачу Эло эбина дела. Цигара дуьйна
доладелира Везачу Эло хIокху лаьтта тIехь массо а
маьIIе адам даржадар.

### Шимина тIера Ибрам тIе кхаччалц йолу тIаьхье
(1 Шерашкахь 1:24-27)

10 ХIара ду Шимин тIаьхьенах хилларг.
Дала хIокху дуьненна тIера массо а хIума, адам
хIаллакдеш дайитина хи дIадаьллачул тIаьхьа, ши
шо даьлча, Шимин бIе шо кхаьчнера. Цу хенахь
цуьнан кIант Арпахшад хилира. 11 Арпахшад
хиллачул тIаьхьа Шима кхин а пхи бIе шарахь

† *ГIайренаш *– схьахетарехь, Дуьненаюккъерачу хIордахь.**
†† *Талла рхо *– я иштта: турпалхо.**

вехира. Цуьнан кхин а кIентий а, йоIарий а хилира.
[12] Арпахшадан ткъе пхийтта шо кхаьчча, цуьнан
Селахь хилира. [13] Селахь хиллачул тIаьхьа
Арпахшад диъ бIе кхаа шарахь вехира. Цуьнан
кхин а кIентий а, йоIарий а хилира.
[14] Селахьан ткъе итт шо кхаьчча, цуьнан хилира
кIант Iебар. [15] Iебар хиллачул тIаьхьа Селахь диъ
бIе кхаа шарахь вехира, кхин кIентий а, йоIарий а
хуьлуш.
[16] Iебаран ткъе дейтта шо кхаьчнера, цуьнан
кIант ПалагI хилча. [17] ПалагI хиллачул тIаьхьа Iебар
диъ бIе а ткъе итт шарахь вехира. Цуьнан а кхин
кIентий а, йоIарий а хилира.
[18] ПалагIан ткъе итт шо кхаьчча, цуьнан Рахьу
хилира. [19] Рахьу хиллачул тIаьхьа ПалагI ши бIе исс
шарахь вехира. Цуьнан кхин а кIентий а, йоIарий а
хилира.
[20] Рахьун ткъе дейтта шо кхаьчнера, цуьнан кIант
СерагI хилча. [21] СерагI хиллачул тIаьхьа Рахьу
вехира ши бIе ворхI шарахь. Цуьнан кхин а
кIентий а, йоIарий а хилира.
[22] Ткъе итт шо кхаьчча, СерагIан хилира кIант
Нахьир. [23] Нахьир хиллачул тIаьхьа СерагI вехира
шина бIе шарахь, кхин а кIентий а, йоIарий а
хуьлуш.
[24] Нахьиран ткъе исс шо кхаьчча, цуьнан кIант
ТIахьир хилира. [25] ТIахьир хиллачул тIаьхьа Нахьир
вехира цхьа бIе ткъайоьсна шарахь. Кхин а
кIентий а, йоIарий а хилира цуьнан.
[26] ТIахьиран кхузткъе итт шо кхаьчначул тIаьхьа,
цуьнан хилира кIентий Ибрам, Нахьир, ХIарон.

### ТIахьиран тIаьхьенах лаьцна

[27] ХIара ду ТIахьиран тIаьхьенах хилларг.
ТIахьиран кIентий хиллера Ибрам а, Нахьир а,
ХIарон а. ТIаккха ХIаронан кIант ЛутIа хилира.
[28] ХIарон дIакхелхира ша винчу Хашад-махкара Ур-
гIалахь, шен да ТIахьир дуьненчохь а волуш.
[29] Ибрама а, Нахьира а шайна зударий балийра.
Ибраман зудчун цIе Сарет яра, ткъа Нахьиран
зудчун цIе Малкан яра. Малкан а, Йиска а ХIаронан
ши йоI яра. [30] Сарет доьзалхо хуьлуш яцара, цуьнан
цхьа а бер дацара.
[31] ТIаккха ТIахьир, шеца шен кIант Ибрам, шен
кIентан ХIаронан кIант ЛутIа а, нус Сарет а (шен
кIентан Ибраман зуда), эцна, Хашад-махкара Ур-
гIалара КанаIан-махка ваха аравелира. Амма
ХIаран-гIала кхаьчча, цигахь севцира уьш.
[32] ХIаран-гIалахь шен ши бIе пхи шо долуш
ТIахьир дIакхелхира.

### Ибрама Дала тIедиллинарг кхочушдар

12 †Везачу Эло элира Ибраме:
«Хьайн мохк а, халкъ а, ден цIа а дIа а
тасий, Ас хьайна гойтун болчу махка дIагIо.
[2] Ас хьох схьадаьлла доккха халкъ кхуллур ду,
хьо декъал а вийр ву,
хьан цIе а ойур ю,
наха а хьан цIарца вовшийн декъалбийр бу.
[3] ††Ас декъалбийр бу хьо декъалвеш берш,
неIалт а эр ду хьуна неIалт кхайкхочарна,
дуьнен чуьра массо а халкъ
хьоьгахула декъал а дийр ду».
[4] Везачу Элан лаам кхочушбеш, ХIаран-гIалара
дIавахара Ибрам. Цуьнца ЛутIа а вахара. Ибраман
цу хенахь кхузткъе пхийтта шо дара. [5] Цо шен зуда
Сарет а, вешин кIант ЛутIа а вигира шеца.
ХIаранехь ша да мел волу хIума схьаийцира цо.
Шен долахь болу леш а дIабигира цо. Ибрам а,
цуьнца берш а, ХIаран-гIала дIа а тесна, КанаIан
цIе йолчу махка баьхкира. [6] Цу махкахула дIа а
вахана, Шехем цIе йолу гIала йолчу а, МорахI цIе
йолу ножан деза дитт долчу а кхечира Ибрам. Цу
лаьтта тIехь Iаш бара канаIанхой.
[7] ‡Ибрамна хьалха хIоьттинчу Везачу Эло элира:
«ХIара латта Ас хьан тIаьхьенна дIалур ду».
Шена веанчу Везачу Элана лерина сагIа доккху
меттиг кечйира Ибрама цигахь. [8] Цигара дIа а
вахана, Бетал-гIалина малхбалехьа долчу
лаьмнашка велира Ибрам. Цигахь цо шен четар
дIахIоттийра. И волчуьра малхбузехьа лаьтташ
Бетал-гIала яра, малхбалехьа ГIай-гIала яра. Цу
меттехь кхин а цхьа сагIа доккху меттиг а кечйина,
Ибрам Везачу Эле кхайкхира. [9] Юха, новкъаваьлла,
НегIаб цIе йолчу яьссачу арехьа кхидIа а вахара
иза.

### Ибрам Мисар-махкахь

[10] ЧIогIа мацалла хIоьттира цу махкахь, цундела
Ибрам ваха Мисар-махка дIавахара. [11] Шаьш
Мисар-махка дIакхочуш, цо элира шен зудчуьнга
Сарете:
«Суна хаьа хьо хаза зуда юйла. [12] Мисархошна хьо
гича, цара эр ду: „Иза цуьнан зуда ю“. Цара со
вуьйр ву, хьо шайна йитархьама. [13] ‡‡Хьо сан йиша
ю ала цаьрга, тIаккха цара со вуьйр вац. Со хьан
ваша ву моьттуш, уьш соьца дика хир бу, ткъа ахь
сан са кIелхьардоккхур ду».
[14] Иштта хила а хилира иза. Ибрам Мисар-махка
веача, мисархошна Саретан хазалла гира.
[15] ПирIунна гонах болчу элашна а гира Сарет. Цара
пирIуне элира, иза исбаьхьа зуда ю аьлла. ПирIуно
иза шен цIийне схьаялаяйтира. [16] Ибрам Саретан
ваша ву моьттуш, пирIун цуьнца дика вара. Цо
Ибрамна дуккха а даьхни а, уьстагIий а, варраш а,
эмкалш а, ялхой-божарий а, ялхой-зударий а
белира.
[17] Амма Ибраман зуда Сарет дIайигар бахьана
долуш, Везачу Эло хала цамгарш яхкийтира
пирIунна а, цуьнан чохь болчарна а тIе. [18] ТIаккха,
Ибрам схьа а кхайкхина, элира пирIуно:

† 12:1 Векалийн 7:2, 3; Iебархошка 11:8.

†† 12:3 Галатахошка 3:8. ‡ 12:7 Векалийн 7:5; Галатахошка 3:16. ‡‡ 12:13 Доладалар 20:2; 26:7.

«ХIара хIун ду ахь суна динарг? Сарет хьайн зуда
ю хIунда ца элира ахь? 19 Иза хьайн йиша ю ахь
аьлча, сайна йига дагахь хиллера со. ХIара ю хьуна
хьан зуда, иза, схьа а эций, дIагIо кхузара!» – аьлла.
20 Шен ялхошка, Ибрам Мисарара араваккха
аьлла, омра дира пирIуно. Цара Ибрам, шен зуда а,
дерриг а шен долахь дерг а эцна, дIахьажийра
цигара.

### Ибрам а, ЛутIа а дIасакъаьста

13 Шен зуда а, берриг а бахам а эцна, Мисар-
махкара НегIаб цIе йолчу яьссачу арахула
дIавахара Ибрам. Цуьнца цхьаьна ЛутIа а вара.
2 Ибрам цу хенахь чIогIа хьал долуш вара, цуьнан
дуккха а даьхни а, дети а, деши а дара. 3 КхидIа а
шен некъ беш, НегIаб-арара дIа а вахана, Бетал-
гIала веара иза. Бетал-гIалина а, ГIай-гIалина а
юккъехь ша хьалха шен доьзалца Iийначу метте
юхавеара иза. 4 Цигахь хьалха ша сагIа доккху
меттиг кечйиначохь Везачу Эле кхайкхира иза.
5 Ибрамна юххехь волчу ЛутIин дуккха а уьстагIий
а, бежанаш а, дIахIиттийна четарш а дара. 6 Цу
шиннан даьхни дукха хиларна, уьш Iачу лаьтта тIе
иза тар ца лора. 7 Ибраман а, ЛутIин а Iуй
вовшашца къийса буьйлабелира. Ткъа цигахь, цул
сов, цу хенахь бехаш канаIанхой а, перезахой а
бара.
8 ТIаккха Ибрама элира ЛутIе: «Товш дац
вайшинна а, вайн Iуьнашна а вовшашца
къийсадала, хIунда аьлча вай вежарий ду.
9 ДIасакъаьстар ду вай. Хьайна луъу меттиг харжа.
Нагахь хьо аьрру агIор гIахь, со аьтту агIор гIур ву,
нагахь хьо аьтту агIор гIахь, со аьрру агIор гIур ву».
10 †ДIахьаьжначу ЛутIина Йордан-хи догIу ерриг а
меттиг гира. (Иза дара Везачу Эло Седам-гIала а,
Iамор-гIала а йохаяле.) Цу хенахь Йорданан тогIи
ЦIоIар-гIалина тIекхаччалц Везачу Элан беш санна
яра. Мисар-махкахь санна, дика дара цигара латта.
11 ЛутIас шена Йорданан тогIи хаьржира. И шиъ
дIасакъаьстира: ЛутIа малхбалехьа вахара, 12 ткъа
Ибрам КанаIан-махкахь висира. ЛутIа тогIи чохь
йолчу гIаланашна юккъехь ваха хиира. Седамана
тIекхаччалц дIа а вахана, шен четарш хIиттийра
цо. 13 Седаман бахархой чIогIа зуламе а, Везачу
Элана хьалха къинош летийна а бара.
14 ЛутIа дIакъаьстинчул тIаьхьа Везачу Эло элира
Ибраме: «ДIасахьажал гонах, къилбаседехьа а,
къилбехьа а, малхбалехьа а, малхбузехьа а хьажал.
15 ††Дерриг а хьуна гуш долу хIара латта Ас хьуна а,
хьан тIаьхьенашна а гуттаренна а дIалур ду. 16 Ас
алсамйоккхур ю хьан тIаьхье, Лаьтта тIера гIум
санна, дукха хир бу уьш. Нагахь санна гIамаран
буьртигаш дагарлург хилча, хьан тIаьхьенаш а
ягарлур яра. 17 ДIавалуо, хьайн лаьтта тIехула
йохалла а, шоралла а волалуо, хIунда аьлча хьуна
дIало Ас иза».
18 Шен четарш дIа а оьзна, Мамари долахь долчу
ножан дезачу дитташна уллохь, Хьеврон-гIалина
гена воцуш, ваха охьахиира Ибрам. Цигахь Везачу
Элана лерина сагIа доккху меттиг а кечйира цо.

### Ибрама ЛутIа кIелхьарвоккху

14 Амрапал ШанIар-мехкан паччахь вара,
Арихан Эласар-мехкан паччахь вара,
Кедирал-Iумар Iейлам-мехкан паччахь вара, ткъа
Тида-Iела Гойим цIе йолчу къоман паччахь вара.
2 И массо а паччахьаш тIамца дуьхьалбахара
Седам-гIалин паччахьна БераIна а, Iамор-гIалин
паччахьна БиршаIна а, Удам-гIалин паччахьна
Шани-Абуна а, ЦIабайма-гIалин паччахьна Шима-
Ибарина а, БулаI-гIалин (хIинца ЦIоIар-гIала цIе
йолчу) паччахьна а. 3 Кхара шайн эскарш
цхьаьнатуьйхира Сидим цIе йолчу тогIи чохь,
хIинца Дуьра хIорд лаьттачохь. 4 Шийтта шарахь
Кедирал-Iумар цIе йолчу паччахьан куьйга кIелахь
бара уьш, кхойтталгIачу шарахь цунна дуьхьал
гIевттира и паччахьаш. 5 ДейтталгIачу шарахь
Кедирал-Iумар а, цуьнца болу паччахьаш а тIамца
царна дуьхьал а бевлла, Iаштерот-Кхарнаимехь
репаш цIе йолу къам а, Хьамехь зузамхой а, Шаве-
Кхиръятимехь эймимахой а, 6 СеIир-лаьмнашкахь
Iаш болу хьорихой а, яьссачу аренца доза долчу
Эл-Парана тIекхаччалц долу къаьмнаш эшийра.
7 Цул тIаьхьа Кедирал-Iумара, къилбаседехьа юха а
вирзина, Iейн-Мишпате (хIинца Кхадеш олучу
метте) а веана, Iамалекхахой олучу къомана тIехь
толам баьккхира, цул сов, Хьаццон-Тамарехь Iаш
болу эмархой эшийра. 8 Седаман а, Iаморан а,
Удаман а, ЦIабаймин а, (хIинца шех ЦIоIар олучу)
БулаIан а паччахьаш цхьаьна а кхетта, шайн
мостагIашца тIом бан Сидим олучу тогIи чу
биссира. 9 Уьш тIом беш бара Iейламарчу
паччахьца Кедирал-Iумарца а, гоймхойн
паччахьца Тида-Iелица а, ШанIар-махкарчу
паччахьца Амрапалаца а, Эласар-махкарчу
паччахьца Ариханца а. Виъ пхеанна дуьхьал.
10 Сидим-тогIи чохь дуккха а оьрнаш дара шайна
чохь силам долуш. Седамера а, Iаморера а
паччахьаш бевдча, дуккха а тIемалой цу оьрнаш чу
ийгира, вуьш лаьмнашкахь къайлабевлира.
11 ТIаккха Седамера а, Iаморера а бахархойн долахь
дерг а, тIаьхьалонна дIадиллинарг а – дерриг а,
схьа а эцна, дIабахара мостагIий. 12 Ибраман
вешин кIант ЛутIа Седамехь Iаш вара. Иза йийсаре
вигира, цуьнан берриг а бахам мостагIаша
дIабаьхьира.
13 КIелхьарваьллачу цхьаммо вахана Iебаран
тIаьхьенах волчу Ибраме дийцира хиллачух
лаьцна. Цу хенахь Ибрам Мамарин долахь долу
ножан деза дитташ долчохь Iаш вара. Эмархо
волчу Мамарис а, цуьнан вежарша Ашкула а,
Iанурис а барт бинера шайна юкъахь а, Ибрамца а,
вовшийн гIо дийр ду аьлла. 14 ЛутIа дIалаьцна ву
аьлла хезча, шен хIусамехь кхиъна волу кхо бIе

† *13:10 Доладалар 2:10.* †† *13:15 Векалийн 7:5.*

берхIитта ялхо герзашца кеч а вина, Дан-гIали
тIекхаччалц мостагIа эккхийна вахара Ибрам.
[15] Бекъа а белла, цу буссехь мостагIашна тIе а
летта, уьш лаьхкина Дамасакх-гIалина
къилбаседехьа йолчу, Хьоба цIе йолчу метте
кхаччалц дIабигира цара. [16] МостагIаша
дIабаьккхина хилла болу бахам а, зударий а, ялхой
а, шен бахамца цхьаьна ЛутIа а – дерриг а
юхадерзийра Ибрама.
[17] Кедирал-Iумар а, цуьнца болу паччахьаш а
эшийна, цIа вирзира Ибрам. Шех хIинца
Паччахьан тогIи олучу, Шаву цIе йолчу тогIи чохь
цунна дуьхьалвеара Седаман паччахь. [18] †Веза
Воккхачу Делан *динан да* волу Шалейм-гIалин
паччахь Малки-ЦIадакъа велира, бепиг а, чагIар а
эцна, Ибрамна дуьхьал. [19] Ибрам декъал а веш, цо
элира:
«Ибрам! Стигал а, Латта а кхоьллинчу Веза
Воккхачу Дала
декъалвойла хьо.
[20] Хьан мостагIий эшо хьуна гIо динчу Веза
Воккхачу Далла
хастам бер вай».
ТIамехь даьккхинчух уьтталгIа дакъа Малки-
ЦIадакъина дIаделира Ибрама.
[21] ТIаккха Седаман паччахьо элира Ибраме:
«Даьккхина хьал хьайна а дитий, мостагIчо
дIалаьцна хилла болу сан нах схьалохьа».
[22] Амма Ибрама Седаман паччахьна жоп делира:
«Везачу Элана, стигал а, Латта а кхоьллинчу Веза
Воккхачу Далла хьалха дIакховдийначу куьйгаца
чIагIо йо ас, [23] хьан долахь долчух цхьа хIума, ур-
атталла тай я мачин бахтар а схьаоьцур дац аьлла.
Суна ца лаьа хьоьга алийта: „Аса Ибрам ваха
хаийна“. [24] Ас схьаоьцун берг сан кегийрхоша
биина кхача бу, амма соьца хиллачу нахана догIу
дакъа дIадала деза ахьа. Iанурина а, Мамарина а,
Ашкуланна а догIург дIало».

### Дала Ибрамца бартбар

**15** И дерриг а хиллачул тIаьхьа Везачу Элан
дош деара Ибрамна, цхьа сурт а хIоьттина.
Дала элира: «Ма кхералахь, Ибрам! Со хьо
Iалашвен йолу гIап ю. Ас хьуна ден долу совгIат а
доккха ду».
[2] Амма Ибрама элира: «Сан Хьалдолу Эла! Со ирс
долуш хилийта хIумма а лойла дац хьан, хIунда
аьлча сан кIант вац. Цундела со велча, сан лена,
Дамасакхера ЭлиIазарна, кхочур ду дерриг а сан
долахь дерг. [3] Ахьа кIант ца велла суна, – элира
Ибрама, – цундела сан цIа чохь вина лай хир ву сан
тIаьхье дIакхоьхьуш верг».
[4] ТIаккха Везачу Эло элира Ибраме: «Хьан дерг
дерриг а оцу лена кхочур дац. Хьан кIант хир ву,
цунах хьан тIаьхье а хир ю».
[5] ††Цул тIаьхьа, Ибрам четар кIелара ара а
ваьккхина, элира Цо: «ДIахьажал стигала, дагардел
цигара седарчий, хьайга дагардалахь! Оццул дукха
хир ю хьан тIаьхье».
[6] ‡Ибрам тийшира Везачу Элах, цундела Цо иза
Шена хьалха бакъвина лерира. [7] Дала элира
Ибраме: «Хьо Хашад-махкара Ур-гIалара
араваьккхина Веза Эла ву Со. Иза Аса дина хIара
латта хьуна дIадалархьама, хьоьга цуьнан дола
дайта».
[8] Амма Ибрама элира: «Сан Хьалдолу Эла! Суна
муха хуур ду хIара латта сан дуйла?»
[9] Везачу Эло элира Ибраме: «Суна лерина кхо шо
кхаьчна шинар а, кхо шо кхаьчна газа а, кхо шо
кхаьчна уьстагI а, кхокха а, къоркхокха а ба». [10] И
дийнаташ Везачу Элана хьалха схьа а далийна,
царна урс а хьаькхна, юккъехула шина декъе а
декъна, церан эхаш дуьхь-дуьхьал охьаехкира
Ибрама. Кхокхарчий ца дийкъира цо шина декъе.
[11] Дукха хан ялале цу бежанийн чархашна
тIелетира дера олхазарш, амма Ибрама
дIалаьхкира уьш. [12] ‡†Малх чубузучу хенахь
Ибрамна чIогIа наб кхийтира. ГIенах инзаре
кхерам бахьаш бода хIоьттира цунна гонах.
[13] ‡‡Везачу Эло элира цуьнга: «Хаалахь, хьан
тIаьхьенах берш хийрачу махкахь тIебаьхкина нах
а хилла Iийр бу. Цу махкарчу бахархоша, деа бIе
шарахь леш а бина, Iазапехь латтор бу уьш.
[14] ‡‡†Амма Аса таIзар дийр ду уьш бацийначу
халкъана. Цул тIаьхьа хьан тIаьхьенах болу нах цу
махкара дIагIур бу, дуккха а хьал а эцна. [15] Хьо а,
кхелхина, хьайн дайшна тIе дIагIур ву са
паргIатдаьлла, кIорггера хенара а волуш дIа а
вуллур ву. [16] Йиъ тIаьхье чекхъяьлча, хьан халкъ
кху лаьтта тIе юхадогIур ду, хIунда аьлча кхузахь
Iаш долчу эмар-халкъан харцонийн барам
кхочушхилла бац хIинца а».
[17] Малх чубуьзначул тIаьхьа чIогIа бода
хIоьттира. ЦIеххьана шена чуьра кIур хьалаоьху
кад а, цIеран хаьштиг а чекхделира екънначу
бежанашна юккъехула. [18] ‡‡‡Цу дийнахь Везачу Эло
Ибрамца барт бира: «Аса хьан тIаьхьенна дIалур ду
хIара латта Мисар-мехкан дозанехь долчу хина
тIера сийлахьчу Эпрат-хина тIекхаччалц,
[19] кхенахойн а, кхеназхойн а, кхадманахойн а,
[20] хьетахойн а, перезахойн а, репахойн а,
[21] эмархойн а, канаIанхойн а, гIиргIашийн а,
явсайхойн а латта», – аьлла.

### ХIажар а, ИсмаьIал а

**16** Ибраман зудчун Саретан бер ца хуьлура.
Саретан Мисар-махкара ялхо яра, ХIажар цIе
а йолуш. [2] Сарета элира Ибраме: «Везачу Эло суна
бер ца делла, цундела сан ялхочуьнца дIавижа веза
хьо. Иза доьзалхочух хилахь, цуьнгахула бер хир ду
сан». Ибрама шен зудчуьнга ладуьйгIира. [3] И

† *14:18-20 Iебархошка 7:1-10.*

†† *15:5 Римхошка 4:18; Iебархошка 11:12.* ‡ *15:6 Римхошка 4:3; Галатахошка 3:6; Якъуба 2:23.* ‡† *15:12 Аюб 4:13, 14.* ‡‡ *15:13 Арадаккхар 1:1-14; Векалийн 7:6.* ‡‡† *15:14 Арадаккхар 12:40, 41; Векалийн 7:7.* ‡‡‡ *15:18 Векалийн 7:5.*

дерриге хилира Ибрама КанаIан-махкахь итт шо
даькккхинчул тIаьхьа. Сарета шен майрачунна
Ибрамна Мисар-махкара ялхо ХIажар елира, цунах
зуда яйта.
4 Ибрамах доьзалхочух хилира ХIажар. Цу
бахьаненна куралла а йина, Саретал ша лакхара
хийтира цунна. 5 ТIаккха Сарета элира Ибраме: «Со
дегабаам болуш хиларна бехке хьо ву. Аса сайн
ялхо хьуна елира, ткъа хIинца ша доьзалхочух
хилча, сол а лакхара хета цунна. Везачу Эло
къастадойла, тхойшиннах нийса мила ю».
6 Ибрама элира Сарете: «Иза хьан ялхо ю, цуьнца
хьайна луъург де», – аьлла. Сарета чIогIа ницкъ
бора ХIажарна, цундела иза Сарет йолчуьра едира.
7 Везачу Элера долчу маликана Шур-гIала
боьдучу новкъахь, шовданан йистехь, яьссачу
арахь карийра ХIажар. 8 Малико элира: «Саретан
ялхо ХIажар, хьо стенгара еана, стенга йоьду?»
ХIажара жоп делира: «Со Сарет йолчуьра едда
йогIу».
9 Везачу Элан Малико элира ХIажаре: «Хьайн
хIусамнана йолчу цIа а гIой, цуьнга ладугIуш хила».
10 Юха а элира цуьнга Везачу Элан Малико: «Ас,
тIаьхь-тIаьхьа дебош, ягар ца яллал дукха тIаьхье
хуьлуьйтур ю хьан». 11 Кхин а тIетуьйхира Везачу
Элан Малико: «ХIажар, хьо хIинца доьзалхочух ю,
хьан кIант хир ву. Ахьа цуьнан цIе ИсмаьIал
туьллур ю (иза „Далла хеза“ бохург ду). Везачу
Элана хаза ма хезара хьуна ницкъ беш. 12 ИсмаьIал,
акха вир санна, аьрха а, шен лаамехь а хир ву, иза
массарна а дуьхьал хир ву, массо а цунна дуьхьал а
хир ву. Шен вежарщца мостагIалла долуш Iийр ву
иза».
13 ХIажара шеца къамел динчу Везачу Элан керла
цIе яьккхира, цо элира: «Со гуш волу Дела ву Хьо».
Цо иза элира, хIунда аьлча ша ойла йина дела:
«Баккъалла а гиний теша суна со гуш Верг?»
14 Цундела Кхадеш олучу меттигна а, Баред-гIалина
а юккъехь йолчу цу гIунах олу «Дийначу, со гуш
волчун гIу» (Iебархойн маттахь: «Беар-лахьай-
рои»).
15 †ХIажара Ибрамна кIант вира, Ибрама цуьнан
цIе ИсмаьIал тиллира. 16 Ибраман дезткъе ялх шо
дара, ХIажара ИсмаьIал вича.

### Сунтваран бартбар

17 Ибраман дезткъе ткъайоьсна шо дара,
Везачу Эло, хьалха а хIоьттина, цуьнга аьлча:
«Со Нуьцкъала Дела ву, Суна Iамал а е, хьанал ваха,
2 ткъа Аса вайшинна юкъахь барт а бина, хьан
халкъ алсамдоккхур ду». 3 ТIаккха Ибрам Далла
хьалха суждана вахара. Дала кхидIа а элира цуьнга:
4 «ХIара ду вайшиммо барт барехь Аса тIелоцун
дерг: Аса хьо дукхачу къаьмнийн да вийр ву. 5 ††Аса
хьан цIе хуьйцур ю: хьан цIе Ибрам хир яц,
ИбрахIим ‡ хир ю, хIунда аьлча Аса хьо дуккхачу а
къаьмнийн да вийр ву. 6 Аса хьан дукха тIаьхьенаш
хуьлуьйтур ю – хьох схьадевр ду керла къаьмнаш,
схьабевр бу паччахьаш. 7 ‡†Гуттаренна а хьан
тIаьхьенашна буьсу болу барт бийр бу Аса Сайна а,
хьуна а юкъахь: Со хьан а, хьан тIаьхьенийн а Дела
хир ву. 8 ‡‡Хьо тIевеана лелаш волу КанаIан-мохк
берриг а хьуна дIалур бу Аса. И мохк хьуна а, хьан
тIаьхьенашна а гуттаренна а дIа а лур бу, церан
Дела а хир ву Со». 9 Дала элира ИбрахIиме: «Ткъа
хIара вайшиммо барт барехь ахьа тIелоцун дерг ду:
ахьа а, хьан тIаьхьенаша а Сан хьоьца хилла барт
ларбан беза. 10 ‡‡†Суна а, хьуна а юкъахь болу, ахьа
а, хьан тIаьхьенаша а ларбан беза барт хIара бу:
массо а шун божарий сунтбина хила беза. 11 Шайн
бехкечу меттера сов долу чкъор дIахададе – иза
вайна юкъарчу бертан билгало хир ю. 12 КIентан
бархI де кхаьчча, аша иза сунтван веза. ХIора
шайна вина волу кIант а, шаьш эцна лай а аша
сунтван веза. 13 Хьан цIа чохь винарг а, ахь дети а
делла эцнарг а сунтвина хила веза билггала. Шун
догIмаш тIехь йолчу оцу билгалоно гойтуш болу
Соьца бина барт тIейогIучу хенахь гуттара а хир бу.
14 Муьлхха а сунт ца веш висина боьрша стаг шен
халкъо дIатосур ву, хIунда аьлча цо Соьца болу
барт бохийна».
15 Дала элира ИбрахIиме: «Аса хьан зудчунна
Саретана керла цIе туьллур ю. И цIе хир ю Сарат ‡‡‡.
16 Иза декъал а йина, цунна кIант лур ву Аса. Цу
кIентан да хьо хир ву. Сарат дуккха а халкъийн
нана хир ю, цунах паччахьаш схьабевр бу».
17 ИбрахIим бертал вуьйжира, дагахь вела а
воьлуш, цо бохура ша-шега: «БIе шо кхаьчначу сан
кIант хир ву-те? Я дезткъе итт шо кхаьчначу Сарата
бер дийр ду-те?» 18 ТIаккха ИбрахIима элира Деле:
«ИсмаьIал мукъана а вахахьара, Ахьа декъал а
вина».
19 Дала элира: «Билггала хьан зудчо Сарата вийр
ву хьуна кIант, ахьа цуьнан цIе Исхьакх туьллур ю.
Аса цуьнца Сайн барт бийр бу, цуьнан ерриг а
тIаьхьенашна гуттаренна а болу барт хир бу иза.
20 Суна хезира ахьа ИсмаьIалан § цIе йоккхуш. Аса
иза декъалвийр ву, цуьнан дукха тIаьхьенаш хир
ю. Шийтта сийлахьчу элан да хир ву иза, цунах
схьадер ду доккха халкъ. 21 Амма Сарата хьуна
тIедогIучу шарахь хIоккху хенахь вен волчу
кIантаца Исхьакхаца бийр бу Аса Сайн барт».
22 ИбрахIимца къамел чекх а даьккхина, Дела и
волчуьра дIавахара.
23 ИсмаьIал а, шен хIусамехь бина болу а, ахча
делла эцна болу а леш а, берриг а божарий а,
кIентий а схьа а балийна, уьш сунтбира ИбрахIима.
Дала иза шега аьллачу дийнахь уьш сунтбира цо.
24 ИбрахIиман дезткъе ткъайоьсна шо дара иза
сунтвинчу дийнахь. 25 Цуьнан кIентан ИсмаьIалан
кхойтта шо дара цу хенахь. 26 ИбрахIим а, цуьнан

† *16:15 Галатахошка 4:22.* †† *17:5 Римхошка 4:17.* ‡ *ИбрахIим *– «дукхахболчеран да».**

‡† *17:7 Лака 1:55.* ‡‡ *17:8 Векалийн 7:5.* ‡‡† *17:10 Векалийн 7:8; Римхошка 4:11.* ‡‡‡ *Сарат *– зуда-эла.** § *ИсмаьIал *– Далла хеза.**

кӀант а цхьана дийнахь сунтвира. 27 Цу дийнахь
сунтбира ИбрахӀиман хӀусамехь болу массо а
божарий: цуьнан цӀа чохь бина леш а, цо эцна леш
а.

### Кхо хьаша

18 Веза Эла юха а ИбрахӀимна
дуьхьалхӀоьттира. Мамарин долахь долчу
ножан дезачу дитташна уллохь вехаш вара
ИбрахӀим. Де дохделлачу хенахь шен четар
кӀелахь, араволучу меттехь, Ӏаш вара иза.
2 †Хьалахьаьжначу цунна гира гена воццуш хьалха
лаьтта кхо стаг. Уьш а гина, дуьхьалведда, лохха
царна хьалха охьатаьӀира ИбрахӀим. 3 «Эла! – элира
ИбрахӀима, – Хьо суна реза велахь, доьху хьоьга,
хьайн ялхо волчохь жимма сацахь. 4 Аса шун когаш
била хи а доуьйтур ду, оцу дитта кӀел садаӀа меттиг
а ю шуна. 5 Шайн догӀмашкахь гӀора хилийта сан
кхачанах кхетахьара шу, юха кхидӀа а некъ бийр
бара аша, шайн ялхо волчу шу даьхкина хилча».
Цара элира: «Дика ду, ахь ма-бохху дийр ду оха».
6 Юха сихонца четар кӀел а вахана, Сарате элира
ИбрахӀима: «Сихо яй, кхо бога тоьллачу демах бод
хьаккхабай, совсаза долу бепиг де». 7 ТӀаккха, цигара
араиккхина, ведда шен даьхни долчу вахара иза.
Уггар тоьлла долу эса а хаьржина, ялхочуьнга и дӀа
а делла, цунна сихонца урс а хьаккхий, жижиг кечде,
элира цо. 8 Кечдина жижиг а, шура а, нехча а, схьа
а еана, кхаа стагана хьалха хӀоттийра ИбрахӀима,
ткъа ша царна уллохь дитта кӀелахь сецира, уьш
хӀума юуш болчу юкъана.
9 Цара хаьттира ИбрахӀиме: «Хьан зуда Сарат
мичахь ю?»
«Кхузахь, четар кӀелахь ю иза», – элира
ИбрахӀима.
10 ††«Со бӀаьста юхавогӀур ву, – элира царах
цхьаммо, – цу хенахь хьан зудчун Саратан кӀант
хир ву».
Царна тӀехьа лаьттачу четарна кӀелахь йолу
Сарат ладугӀуш яра церан къамеле. 11 ИбрахӀим а,
Сарат а чӀогӀа хенара дара, Сарат бер хуьлучу
хенара яьллера. 12 ‡Ела а йоьлуш, ша-шега бохура
цо: «Со къена ю, сан майра а ву къена. Оьший-те
суна и ирс?»
13 ТӀаккха Везачу Эло элира ИбрахӀиме: «Сарата,
ела а йоьлуш, хӀунда боху, шен бер хир дуй-те, ша
къена ма ю? 14 ‡†Везачу Элана дан хала хӀумма а
дуй? ХӀан-хӀа! Айса ма-аллара, Со бӀаьста юхавогӀур
ву, цу хенахь Саратан кӀант хир ву».
15 Сарата элира: «Со йоьлуш яцара!» Ша
кхераелла дела элира цо иштта. Амма Везачу Эло
элира: «ХӀан-хӀа, хьо елаелира».

### ИбрахӀима Седам-гӀалин бахархойн дуьхьа дехар дар

16 ТӀаккха божарий, хьала а гӀевттина, лакхара
чухьаьвсича, Седам-гӀала гун йолчу метте бахара.
Уьш новкъабаха тӀаьхьавелира ИбрахӀим. 17 Везачу
Эло элира Ша-шега: «Со дан воллург Ас ИбрахӀимах
лачкъор дац. 18 ИбрахӀимах доккха а, нуьцкъала а
халкъ схьадер ду, дуьнен чуьра дерриг а халкъаш
цуьнгахула декъал а хир ду. 19 Аса ИбрахӀим
хаьржина, цуьнга весет дайтархьама шен берашка
а, тӀаьхьенашка а, Везачу Элана ма-лаъара,
нийсонца а, хьанал а даха аьлла. ТӀаккха Везачу
Эло Ша дийр ду аьлларг дерриг а дийр ду цунна».
20 Юха Везачу Эло элира: «Седаман а, Ӏаморан а
бахархошна дуьхьал аьрзнаш дукха ду, уьш
къинойх буьзна бу аьлла. 21 Суна ма-хаззара
гӀуллакхаш вон дуй хьожур ву Со, цига а вахана,
тӀаккха хьал ма-дарра хуур ду Суна».
22 Божарий Седам-гӀала йолчухьа
дӀабуьйлабелира, ткъа ИбрахӀим Везачу Элана
хьалха лаьтташ вара. 23 Везачу Элана герга а веана,
цо хаьттира: «Веза Эла, Хьайн лаамехь берш а,
лаамехь боцучаьрца хӀаллакбан дага-м ца деана
Хьуна? 24 ХӀун хаьа, цу гӀалахь шовзткъе итт Хьан
лаамехь стаг вуйла? ХӀетте а и гӀала йохор ю Ахьа?
Шовзткъе итт Хьан лаамехь волчу стеган дуьхьа цу
гӀалех къинхетам бийр бац Ахьа? 25 Ахь иштта-м
дойла ма яц! Хьан лаамехь боцурш байархьама,
гӀала а йохош, Хьан лаамехь верг хӀаллаквийр ма
вац Ахьа? Нагахь иза хилча, Хьан лаамехь
болчарна а, боцучарна а юкъахь башхо ма яц –
уьш массо а хӀаллакьхуьлуш ма ву. Ахь иштта дийр
дац! Дерриг а дуьненан Кхелахочо йийр яц нийсо?»
26 ТӀаккха Везачу Эло элира: «Нагахь Седам-
гӀалахь Суна шовзткъе итт Сайн лаамехь волу стаг
каравахь, церан дуьхьа Аса цу ерриг а гӀалех
къинхетам бийр бу».
27 ИбрахӀима элира: «Новкъа Ӏуьллу чамхалган
меха волу со Хьоьца къамел дан хӀутту, Хьалдолу
Эла. 28 Масала, пхиъ тӀе а ца тоьъна, гӀалахь
шовзткъе пхиъ бен Хьан лаамехь верг ца хилахь?
И пхиъ тӀе ца тоьъна аьлла, ерриг а гӀала йохор ю
Ахьа?»
Хьалдолчу Эло жоп делира: «Нагахь Суна цигахь
шовзткъе пхиъ Сайн лаамехь волу стаг каравахь,
Аса гӀала йохор яц».
29 Юха а хаьттира ИбрахӀима: «Ткъа Хьайна
шовзткъа Хьан лаамехь волу стаг бен ца каравахь,
йохор юй Ахьа и гӀала?»
«Нагахь Суна шовзткъа Сайн лаамехь волу стаг
каравахь, Аса йохор яц и гӀала», – жоп делира
Хьалдолчу Эло.
30 «Хьалдолу Эла, доьху Хьоьга суна оьгӀаз ца
вахар, пурба лохьа Хьайга хатта: нагахь гӀалахь
ткъе итт бен Хьан лаамехь стаг ца хилахь, йохор
юй Ахьа иза?» – аьлла, хаьттира ИбрахӀима.

---

† *18:2а Іебархошка 13:2.* †† *18:10 Римхошка 9:9.* ‡ *18:12 1 Кипин 3:6.* ‡† *18:14 Лака 1:37.*

«Нагахь Суна цигахь ткъе итт Сайн лаамехь стаг
каравахь, Аса йохор яц иза», – жоп делира
Хьалдолчу Эло.
31 ТIаккха ИбрахIима элира: «Волавеллачуьра
кхин а хоттур дара аса, Хьалдолу Эла: нагахь
гIалахь Хьан лаамехь ткъа стаг хилахь?»
Хьалдолчу Эло жоп делира: «Цу ткъа стеган
дуьхьа а йохор яц».
32 Юха а вистхилира ИбрахIим: «Хьалдолу Эла,
оьгIаз ма гIахьара Хьо аса кхин цкъа а хаттарна:
нагахь Хьуна итт Хьайн лаамехь волу стаг каравахь
цу гIалахь?»
Хьалдолчу Эло жоп делира: «Итт стеган дуьхьа а
йохор яц».
33 ИбрахIимца долу къамел чекх а даьккхина,
дIавахара Веза Эла. ИбрахIим а шен цIа
юхавирзира.

### Седам-гIала а, Гомар-гIала а йохор

19 Сарахь и ши *малик* Седам-гIала деара.
ГIалин кевна йистехь хиина Iаш вара ЛутIа.
Уьш шена гича, тIе а вахана, царна хьалха
горавуьйжира иза. 2 «Сан элий, ас доьху шуьга
шайн ялхо волчу хIусаме дахкар. Со волчохь когаш
била а, буьйса яккха а меттиг хир ю, ткъа кхана
шайн некъ кхидIа а бер аша», – элира ЛутIас.
«ХIан-хIа, оха буьйса майданахь йоккхур ю», –
элира цу шиммо.
3 Амма ЛутIас чIогIа дехарна, иза волчу хIусаме
ван резахилира и шиъ. ЛутIас царна яа хIума
кечйира, морза тохаза бепиг а деттира. Цара хIума
йиира. 4 Цу сарахь уьш дIабийшале, Седам-гIалара
жимачо а, воккхачо а, массо а маьIIера схьа а
веана, ЛутIин цIенна го бира. 5 †Уьш маьхьарий
детта буьйлабелира: «Мичахь ву хьо волчу сарахь
веана ши стаг? Араваккха и шиъ. Оха царах
зударий бийр бу!»
6 ЛутIас, ара а ваьлла, шена тIаьхьа неI
тIечIегIира. 7 Цо элира цу нахе: «Вежарий, ас доьху
шуьга, зулам ма дахьара аша! 8 Боьрша стаг а
вовзаза ши йоI ю сан. Ас и шиъ дIалур ю шуна,
царна шайна луъург де, амма ас доьху шуьга, оцу
шина стагана зе ма дахьара аш. Уьш сан хIусаме
баьхкина бу, царах жоп дала декхарийлахь ву со».
9 Амма цIенна го бинчу Седам-гIалара божарша
элира: «ДIавала новкъара!» Вовшашка цара
бохура: «Хьовсийша хIокху тIевеана волчу стаге,
хIара висинера вайна тIехь кхел яза!» Цара элира
цуьнга: «Ларлолахь, хьуна царначул алсам кхета
мегаш ю хьуна!» Уьш ЛутIина тIегIоьртира неI
кагъян дагахь. 10 ЛутIа волчу веанчу шина стага,
дIакхевдина, иза чоьхьа а такхийна, неI
дIакъевлира. 11 ††ТIаккха арахь болчу нехан,
жимачун а, воккхачун а, бIаьрса дайира цара.
ЧувогIу неI лоьхуш, нах чIогIа гIелбеллера.
12 Цу шина стага хаьттира ЛутIе: «Хьан доьзалх
кхин цхьа а вуй хIокху гIалахь Iаш? Я невцарий, я
кIентий, я йоIарий – милла велахь а кху гIалара
араваккха. 13 Оха хIара гIала йохор ю, хIунда аьлча
Везачу Элана тIекхоьхьуш кху гIалара бахархошна
дуьхьал дукха аьрзнаш ду. Цо дахкийтина тхо иза
хIаллакьян». 14 Ара а ваьлла, шен йоIаршна
тIехьийзачу кIенташна тIевахара ЛутIа. «Сиха кху
гIалара дIагIо, – элира цо, – Везачу Эло кестта
йохор ю хIара». Амма царна моьттура ЛутIас забар
йо.
15 ШолгIачу дийнахь сатосучу хенахь маликаша
сихвира ЛутIа. «Кху гIалина таIзар дийр ду, – элира
цара, – хьайн цIахь йолу зуда а, ши йоI а схьа а
эций, дIагIо кхузара. ГIалахь дисахь, шу
хIаллакьхир ду».
16 ‡Амма ЛутIа шина даггахь вара, хIоьттинчу
хьолах дика ца кхетара иза. Амма Везачу Эло
ЛутIех къинхетам бира. Цундела цу шина малико
иза а, цуьнан зуда а, ши йоI а, куьйгаш а лаьцна,
гIалех араяьккхира. 17 Уьш гIалех арабевлча,
цхьана малико элира: «ХIинца довда, шайн синош
кIелхьардаха! ГIалехьа юха ма хьовсалаш! Цхьана а
меттехь тогIи чохь ма совцалаш, лаьмнашка дIагIо,
довдий. Нагахь совцахь, гIалица цхьаьна
хIаллакьхир ду шу!»
18 Амма ЛутIас элира цаьрга: «Элий, ас доьху
шуьга сайга ладогIар. 19 Соьца, шайн ялхочуьнца,
чIогIа лараме ду шу. Аша сан дахар
кIелхьардаьккхи, амма со лаьмнашка вадалур вац.
ДIа а ца кхиъна, вала там бу со. 20 Кхузахь гена
йоццуш цхьа жима гIала ю, цига вахийтийша со.
Цига дIакхаьчча, кIелхьарвер вара со, иза жима
гIала ма ю».
21 Малико элира ЛутIе: «Дика ду, хьан дуьхьа ас
йохор яц и гIала, 22 амма сиха дIавада цига, хIунда
аьлча айхьа хаьржинчу метте хьо кхаччалц, Седам-
гIала йохо йиш яц сан». (Цу гIалин цIе «Жиманиг»
(Iебархойн маттахь «ЦIоIар») тиллира, ЛутIас иза
жима ю аьлла дела).
23 Малх хьалагIаьттинера, ЛутIа ЦIоIар-гIали чу
кхочуш. 24 ‡†Оццу хенахь Везачу Эло йохо йолийра
гIаланаш Седам а, Iамор а, стигалара цIе а, саьнгал
а чу а хецна. 25 Везачу Эло хIаллакйира цигахь йолу
гIаланаш а, ерриг тогIи а, дерриг ораматаш а, цу
гIаланашкахь Iийна дерриг адамаш а. 26 ‡‡ЛутIагIар
бевдда боьлхучу хенахь юхахьаьжначу цуьнан
зудчух туьхан тIулг хилира.
27 Цу дийнахь Iуьйрре гIаьттина, Везачу Элана ша
хьалха хIуттучу метте вахара ИбрахIим. 28 Лаха,
тогIи чу, хьаьжначу ИбрахIимна лаьттара
хьалабуьйлу буькъа, пешара болуш санна, кIур
гира. 29 Ша тогIи чуьра гIаланаш йохош, Шена
ИбрахIим дагахь волу дела, уьш йохале, цу
гIаланашкахь Iаш волу ЛутIа араваьккхира Везачу
Эло.

† *19:5-8 Куьйгалхой 19:22-24.* †† *19:11 Дауд 6:18.*

‡ *19:16 2 Кипин 2:7.* ‡† *19:24, 25 Маттай 10:15; 11:23, 24; Лака 10:12; 17:29; 2 Кипин 2:6.* ‡‡ *19:26 Лака 17:32.*

### ЛутIа а, цуьнан йоIарий а

[30] ЛутIа ца ваьхьара ЦIоIар-гIалахь Iан, цундела
шен шина йоIаца лаьмнашка дIавахара иза. Уьш
цигахь цхьана хьеха чохь Iаш бара. [31] Цкъа
йоккхаха йолчу йоIа элира жимаха йолчуьнга:
«Массанхьа а дуьнен тIехь божарша зударий
балабо. Вайн да воккха ву, ткъа божарий кхузахь
бан а бац, цхьаннах а вайшиннан бер хуьлийла
дац. [32] ЧагIар малийна, вайн да ваха а вина, цуьнца
дIайижа еза вайшиъ. Дегахула вайн хIу Iалашдийр
ду вай».
[33] Цу буссехь дена чагIар малийра шина йоIа.
Йоккхаха ерг цуьнца метта дIайижира. ЛутIина ца
хиира, иза шеца дIайижча а, хьалагIаьттича а.
[34] ШолгIачу дийнахь йоккхаха йолчо элира жимаха
йолчуьнга: «Сийсара со йижира вайн деца, тховса
кхин цкъа а цунна чагIар а малийна, хьо йижа еза
цуьнца дIа. Вайн дех бераш а хилла, вешан хIу
Iалашдийр ду вай».
[35] Цу буса а дена чагIар малийра шина йоIа.
Жимаха ерг дIайижира метта шен деца. Юха а
ЛутIина ца хиира, иза дIайижча а, хьалагIаьттича а.
[36] ЛутIин ший а йоI цунах берах хилира. [37] Йоккхаха
йолчу йоIа кIант вира, цуьнан цIе Муаби тиллира
цо (иза «дех винарг» бохург ду). Цунах схьабевлла
хIинца болу муабахой. [38] Жимаха йолчу йоIа а кIант
вира. Цо цуьнан цIе Бен-Iамми тиллира (иза «сан
гергарчун кIант» бохург ду). Цунах схьабевлла
хIинца болу Iамминхой.

### ИбрахIим а, Абу-Малик а

20 НегIаб цIе йолчу яьссачу аренгахьа дIа а
вахана, Кхадеш-гIалина а, Шур-гIалина а
юккъехь ваха хиира ИбрахIим. Цул тIаьхьа ГIарар-
гIалахь Iийра иза. [2] †Цигарчу нахе Сарат шен йиша
ю элира цо. ГIарар-гIаларчу паччахьо Абу-Малика
иза шена хезча, ялхой бахийтира Сарат шена
схьаяло.
[3] Цкъа буьйсанна Абу-Маликана гIенах веанчу
Дала элира: «Хьо валарна кхерам бу, хIунда аьлча
ахь схьаялаяйтина зуда марехь ю».
[4] Амма Абу-Малик Саратах кхетаза вара, цундела
цо элира: «Хьалдолу Эла, со бехке вац. Бехк боцу со
а, сан халкъ а хIаллакдийр ду Ахь ткъа?
[5] ИбрахIима ша элира соьга: „И зуда сан йиша ю“, –
аьлла. Ткъа зудчо а элира: „И стаг сан ваша ву“, –
аьлла. Дог а цIена ду сан, куьйгашца хьарамло а ца
йина ас».
[6] ТIаккха Дала оццу гIенах элира Абу-Малике:
«ХIаъ, Суна хаьа, ахь деш дерг цIенчу дагца
хиллий. Цундела цу зудчух куьг а тоьхна, Сайна
дуьхьал хьоьга къа ца даладайта Ас саций хьо.
[7] ИбрахIимна цуьнан зуда дIало, хIунда аьлча иза
пайхамар ву, цо хьох лаьцна доIа дича, хьо дийна
вуьсур ву. Нагахь ахь Сарат ИбрахIимна юха ца
лахь, хьо а, берриг а хьан доьзал а лийр бу».
[8] ШолгIачу дийнахь Iуьйранна, хьалххе хьала а
гIаьттина, массо а шен ялхо схьакхайкхира Абу-
Малика. Цо хилларг дерриг а дийцира царна –
ялхой чIогIа кхерабелира. [9] Юха, ИбрахIиме схьа а
кхайкхина, элира Абу-Малика: «И хIун ду ахь тхуна
динарг? Ас хIун вон динера хьуна? Сан пачхьалкх
бехке хуьлуьйтур-кх ахь. Соьца ахь динарг деш ма
ца хуьлу». [10] Абу-Малика хаьттира ИбрахIиме: «ХIун
дара хьан дагахь ахь иза дечу хенахь?»
[11] ТIаккха ИбрахIима элира: «Суна моьттура,
кхузахь цхьа а Делах ца кхоьру, Сарат шена
йитархьама цхьаммо со вуьйр ву. [12] Иза билггала
сан йиша ю, тхан дена кхечу нанас йина йолу, амма
ас ялийна сан зуда а ю. [13] Ден цIера дIавигна,
дуьнен чухула лела Дала со дIахьажийча, ас элира
Сарате: „Цхьа диканиг дехьа сан дуьхьа: вай
миччанхьа кхаьчча а, хьо сан йиша ю алахь“».
[14] ТIаккха Абу-Малика Сарат юхаелира
ИбрахIимна, цул сов цо цунна уьстагIий а,
бежанаш а, леш а белира. [15] «Хьажал гонах, хIара
дерриг а сан латта ду, хьайна луъучохь Iе», – элира
цо ИбрахIиме.
[16] Юха Сарате элира: «Ас хьан вешина
ИбрахIимна цхьа эзар дато *шекхал* цIе йолу ахча
делла, вайна хилла дегабаам дIабаккхархьама. Хьо
массарна а хьалха бехказа ю».
[17] ИбрахIима Деле доIа дира, Абу-Маликана а,
цуьнан зудчунна а, гIарбашашна †† а дарба де
аьлла. Массарна а дарба а хилла, церан доьзалхой
хилира. [18] ХIунда аьлча Сарат бахьана долуш
хьалха Абу-Маликан цIийнах болу массо а зударий
доьзалхо ца хуьлуьйтуш бинера Везачу Эло.

### Исхьакх дуьнен чу валар

21 Везачу Эло Сарат декъалйира, цуьнга Ша
аьлларг кхочуш а дина. [2] ‡ИбрахIим къена
воллушехь, Сарата, доьзалхочух а хилла, цунна
кIант вира. Дерриг а Дала аьллачу хенахь хилира.
[3] Сарата винчу кIентан цIе Исхьакх (иза Iебархойн
маттахь «диэлар» бохург ду) тиллира ИбрахIима.
[4] ‡‡Исхьакхан бархI де кхаьчча, ИбрахIима иза
сунтвира, Дала шена тIе ма-диллара. [5] ИбрахIиман
бIе шо дара, цунна Исхьакх вича.
[6] Сарата элира: «Дала суна елар делла, хIора а,
кхунах лаьцна хезнарг, соьца воьлуш хир ву».
[7] Кхин а цо элира: «Хьан эр дара ИбрахIиме:
„Сарата бер дакхор ду“, – аьлла? Амма ас
ИбрахIимна, иза къена воллушехь, кIант вина».

### ХIажар а, ИсмаьIал а эккхор

[8] Исхьакх воккха хуьлуш вара. Иза вакхочуьра
дIавоккху хан тIекхаьчча, ИбрахIима доккха той
хIоттийра. [9] Саратна арахь, ца вешаш, воьлуш

† *20:2 Доладалар 12:13; 26:7.*

†† *ГIарбаш *– зуда-лай.** ‡ *21:2 Iебархошка 11:11.* ‡‡ *21:4 Доладалар 17:12; Векалийн 7:8.*

ИсмаьIал гира. Иза *гIарбаш* йолчу мисархочо
ХIажара ИбрахIимна вина кIант вара. 10 †Сарата
элира ИбрахIиме: «Эккхае и гIарбаш а, цуьнан
кIант а, хIунда аьлча гIарбашо винчу кIанта сан
кIантаца Исхьакхаца тIаьхьадисинарг доькъур
дац!»
11 ИбрахIим дог доьхна вара, шен кIантана
ИсмаьIална сагатдеш. 12 ††Амма Дала элира цуьнга:
«Са ма гатде хьайн кIантана а, гIарбашна а!
Саратна мел луъург де! Хьан тIаьхье Исхьакхах
схьабевллачарах лерина хир ю, 13 амма Ас оцу
гIарбашан кIантах а халкъ схьадолуьйтур ду, иза
хьан кIант волу дела».
14 Iуьйранна гIаьттинчу ИбрахIима, бепиг а,
пIаьлдиг ‡ чохь хи а делла, кIантаца ХIажар
дIахьажийра. ДIайоьдуш, Беар-ШабаI цIе йолчу
яьссачу арахь тилаелира иза. 15 Кестта хи кхачийра.
Цхьана кулла кIел кIант охьахаийра ХIажара.
16 Iодан чIу кхуссучул гена а яьлла, сецна,
охьахиира иза. Хи а доцуш висина шен кIант леш
ган ца лаьара цунна, цундела, охьа а хиина,
йоьлхуш Iара иза.
17 Далла хезира кIант ша Iуьллучохь воьлхуш.
Делан малико стигалара элира ХIажаре: «ХIун
хилла, ХIажар! Ма кхера! Везачу Элана хезна кIант
воьлхуш. 18 Яха а гIой, куьг а лаций, дIавига иза. Ас
доккхачу халкъан да вийр ву цунах».
19 Дала ХIажаран бIаьргаш схьадиллира, тIаккха
цунна чохь хи долу гIу гира. Цо, тIеяхана, пIаьлдиг
хьала а буьзна, кIантана хи делира.
20 КIант воккха хуьлуш вара, цуьнца Дела вара.
Яьссачу арахь Iаш волу ИсмаьIал, говза Iад лелош
волу таллархо хилира. 21 Нанас цунна Мисар-
махкара зуда ялийра. Паран цIе йолчу яьссачу
арахь Iаш бара уьш.

### Беар-ШабаIехь бина барт

22 ‡†Абу-Малика а, цуьнан тIеман хьаькам волчу
Пихала а элира ИбрахIиме: «Ахь дечу массо а
хIуманна тIехь хьоьца Дела ву. 23 Далла хьалха суна
чIагIо е, хьо соьца а, сан берашца а, сан тIаьхьенца
а ямартло лелош хир вац алий. Со хьайца ма-
хиллара, хьо соьца а, хIокху хьо тIевеанчу махкаца
а къинхетаме хир ву алий».
24 ИбрахIима жоп делира: «ЧIагIо йо ас».
25 ТIаккха ИбрахIима Абу-Малике бехк баьккхира,
цуьнан ялхоша хи чохь долу гIу дIалаьцна аьлла.
26 Абу-Малика элира: «Ахь соьга иза ца аьлла, ткъа
таханлера де тIекхаччалц суна и ца хезна!»
27 ТIаккха ИбрахIима, уьстагIий а, бежанаш а
далийна, Абу-Маликана делира. Иштта ИбрахIима
а, Абу-Малика а барт бира. 28 Кхин ворхI жий жа
юкъара дIакъастийра цо. 29 «ВорхI жий
дIакъасторан хIун маьIна ду хьан?» – аьлла,
хьаттира Абу-Малика.
30 ИбрахIима жоп делира: «Нагахь ахь хIара ворхI
уьстагI дIаэцахь, ас и гIу яккхаран тоьшалла хир ду
иза». 31 Цундела тиллина цу гIунан цIе Беар-ШабаI
(«чIагIонан гIу» бохург ду иза) аьлла, цу шиммо оцу
меттехь шайна юкъахь чIагIо йина дела. 32 Беар-
ШабаIна уллохь барт бина чул тIаьхьа, Абу-Малик
а, цуьнан тIеман хьаькам Пихал а ПIелаштам-
махка юхавеара.
33 Беар-ШабаIна гена доццуш тамариск цIе йолу
дитт а доьгIна, цу меттигана уллохь Везачу Эле,
гуттар а волчу Деле кхайкхира ИбрахIима.
34 ПIелаштам-махкахь, тIевеана стаг а хилла, дуккха
а йолчу хенахь Iийра иза.

### ИбрахIим зер

22 ‡‡Цул тIаьхьа, ИбрахIиман Шех тешар зен а
лиъна, Дала элира: «ИбрахIим!»
ИбрахIима жоп делира: «Со ладугIуш ву».
2 ‡‡†ТIаккха Дала элира: «Хьайн цхьаъ бен воцу,
хьайна дукхавезаш волу кIант Исхьакх, Мори-
махка дIа а вигий, Ас гойтун болчу лома тIехь, вен
а вей, сагIина вагаве».
3 Iуьйранна хьалхе хьала а гIаьттина, шен
вираца, Исхьакх а, ши ялхо а эцна, сагIа деш даго
дечиг а даьккхина, Дала шега гIо аьллачу метте
дIавахара ИбрахIим. 4 КхозлагIчу дийнахь, корта
хьала а айина, дIахьаьжначу ИбрахIимна геннахь
шаьш доьлху меттиг гира. 5 ИбрахIима элира шен
ялхошка: «Вираца кхузахь совца, ткъа со а, кIант а,
цига дIа а вахана, Далла лерина гIуллакх а дина,
юхавогIур ву».
6 СагIа доккхуш даго кечдина дечиг Исхьакхан
белш тIе а диллина, урс а, цIе а схьаийцира
ИбрахIима. Цхьаьний дIаволавелира и шиъ. 7 Шен
дега ИбрахIиме элира Исхьакха: «Дада!»
«ХIун боху ахь, сан кIант?» – хьаттира ИбрахIима.
«Суна дечиг а, цIе а го, – элира Исхьакха, – ткъа
сагIа доккхуш вай багор болу Iахар мичахь бу?»
8 «Дала Ша боуьйтур бу сагIа даккха Iахар, сан
кIант», – элира ИбрахIима.
КхидIа а цхьаьний дIавахара и шиъ. 9 ‡‡‡Дала
билгалъяьккхинчу метте схьакхечира уьш.
ИбрахIима сагIа даккха меттиг кечйира, тIулгаш а
дехкина. Царна тIе дечиг а диллина, вехка а
вихкина, цу дечигна тIе шен кIант Исхьакх
охьавиллира цо. 10 Урс схьа а эцна, шен кIантана
иза хьакха кечвелира иза. 11 Амма Везачу Элан
Малико сацийра ИбрахIим, стигалара охьа а
кхайкхина: «Ва ИбрахIим!»
«Со кхузахь ву», – аьлла, жоп делира ИбрахIима.
12 Малико элира: «Ма велахь кIант, цунна зе ма
делахь. ХIинца го Суна, хьо Дела лоруш а, Цунна
муьтIахь а вуйла. Суна го, хьайн цхьаъ бен воцу
кIант Сан дуьхьа ахь ца кхоор».
13 ДIахьаьжначу ИбрахIимна гира, коьллех маIаш
а тийсалуш, лаьтта ка. ТIевахана, схьа а лаьцна,

† 21:10 *Галатахошка 4:29, 30.* †† 21:12 *Римхошка 9:7; Iебархошка 11:18.* ‡ *ПIаьлдиг *– тIаьрсиган тIоьрмиг.** ‡† 21:22 *Доладалар 26:26.*

‡‡ 22:1-13 *Iебархошка 11:17-19.* ‡‡† 22:2 *2 Шерашкахь 3:1.* ‡‡‡ 22:9 *Якъуба 2:21.*

шен кІентан метта Далла леринчу сагІина и ка
бийра цо. 14 Цу меттигна ИбрахІима «Везачу Эло
оьшург ло» аьлла, цІе тиллира. Тахана а олу наха:
«Кху лома тІехь Везачу Эло оьшург ло», – олий.
15 Юха а ИбрахІиме стигалара кхайкхира Везачу
Элан Малик:
16 †«Сайх дуй буу Ас, – боху Везачу Эло, – Сан
дуьхьа хьайн цхьаъ бен воцу кІант ца кхоош, ахь
иза дина, 17 ††цундела Ас хьо декъалвийр ву.
Стигалахь долу седарчий санна, хІордан берда
тІехь йолу гІум санна, дукха тІаьхье лур ю Ас хьуна.
Цара шайн мостагІийн гІаланаш схьайохур ю.
18 ‡Хьан тІаьхьенехула дуьнен чуьра дерриг а
халкъаш декъала хир ду. И дерриг а хьо Суна
муьтІахь хиларна дийр ду Ас хьуна».
19 ИбрахІим шен ялхой болчу юхавеара. Уьш
цхьаьний Беар-ШабаІе схьабаьхкира. ИбрахІим
вехаш кхин а Іийра цигахь.

### Нахьиран кІентий

20 И дерриг а хиллачул тІаьхьа ИбрахІиме хаам
кхечира: «Хьан вешин Нахьиран а, цуьнан зудчун
Малкин а хІинца бераш ду. 21 Дуьххьарлера кІант
ІуцІа ву, шолгІа кІант Буз ву, кхозлагІа кІант –
Къамуал, Араман да ву. 22 Кхин а Хашад а, Хьоза а,
Пилдаш а, Идалп а, Бетаал а ву». 23 Бетаал Ребикхин
да ву. Малка оцу бархІ кІентан нана ю, ткъа
ИбрахІиман ваша Нахьир церан да ву. 24 Нахьиран
кхин виъ кІант ву, цуьнан гІарбаша Реумис вина –
Тебахь а, Гахьам а, Тахьаш а, МаІха а.

### Сарат кхалхар

23 Сарат бІе ткъе ворхІ шарахь ехира дуьнен
чохь. 2 Иза кхелхира КанаІан-махкахь йолчу
Кхиръят-АрбаІ цІе йолчу (хІинца Хьеврон олучу)
гІалахь. Сарат кхелхича, ИбрахІима, четар чу а
веана, белхар хІоттийра.
3 Шен елла зуда Іад а йитина, хьетахошца къамел
дан вахара иза. 4 ‡†«Со шуна юккъехь тІевеана стаг
ву, со кхузара а вац. Зуда дІаерзо меттиг яц сан
тахана, цхьажимма латта дохкийша суна зуда
дІаерзо», – элира цо цу нахе.
5 Хьетахоша жоп делира ИбрахІиме: 6 «Эла, хьо
сийлахьчу элех цхьаъ ву тхуна юкъахь. Хьайн
елларг тхан тоьллачу къубба чохь дІайолла. Хьоьга
цигахь зуда дІайоллийта тхох цхьа а дуьхьал хир
вац хьуна».
7 ИбрахІим, хьала а гІаьттина, цу мехкан нахана
хьалха охьатаьІира. 8 Цо элира цаьрга: «Нагахь шу
билггал сан зуда дІайолла суна гІо дан лууш делахь,
сан цІарах ЦІохьаран кІантаца Іепронаца къамел
дейша. 9 Цуьнан латта чекхдоллучохь, шех
Махпела олу меттехь йолу хьех эца лаьара суна.
Цунах буьззина болу мах а лур бара ас, ткъа латта
сайн зуда дІайолла ас оьцуш хиларан шу тешаш
хила а лаьара суна».
10 Іепрон хьетахошна юкъахь хиина Іаш вара.
ГІалин кевнна хьалха баьхкинчу массо а нахана
юкъара цо жоп делира ИбрахІимна: 11 «ХІан-хІа,
эла, хІокху сайн вежаршна хьалха ас дІало хьуна и
латта а, цу тІехь йолу хьех а, хьайн зуда цу чохь
хьоьга дІайоллийтархьама».
12 Кхин цкъа а хьетахошна хьалха охьатаьІира
ИбрахІим. 13 ТІаккха, массарна а хезаш, цо Іепроне
элира: «Оцу лаьттах хьуна буьззина мах бала лаьа
суна. Соьгара ахча дІаэцахьара ахь, тІаккха сайн
зуда дІаюллур яра ас».
14 Іепрона ИбрахІимна жоп делира: 15 «ЛадогІахь
соьга, эла: диъ бІе *шекхал* дато ахча хьуна а, суна а
хІумма а йоцург ю! Хьайн елларг дІайоллахь».
16 Іепрона аьллачунна реза а хилла, хьетахошна
хьалха лаьттах цІе тоьхна мах дІабелира
ИбрахІима. Цо делларг диъ бІе шекхал дато ахча
дара (шекхал совдегаршна юкъахь лелош долчу
барамехь дара).
17 Иштта Іепронан латта кхечуьнан дола делира.
Мамари олучу меттигна уллохь, Махпелахь дара и
латта. 18 ИбрахІиман дола делира латта а, цу тІера
хьех а, дитташ а. ИбрахІиман а, Іепронан а хиллачу
механ тешаш хилира гІалин кевна хьалха баьхкина
массо а хьетахой.
19 Цул тІаьхьа ИбрахІима шен зуда Сарат оцу
лаьтта тІехь йолчу хьеха чохь дІайоьллира. И
меттиг КанаІан-махкахь йолчу Мамарина (хІинца
Хьеврон) гена йоццуш яра. 20 ИбрахІима
хьетахошкара латта а, цу тІера хьех а эцна, цунах
нах дІабухку меттиг йира.

### Исхьакх а, Ребикха а

24 ИбрахІим къанвеллера, дукха а шераш дара
цуьнан. Везачу Эло къобалвора иза массо а
цуьнан гІуллакхаш тІехь. 2 ИбрахІиман долахь
долчунна тІехь Іуналла деш цхьа тешаме ялхо
вара. Иза схьа а кхайкхина, ИбрахІима элира: «Сан
кога кІел куьг а диллий ‡‡, 3 стигалан а, Лаьттан а
Дела волчу Везачу Элана хьалха суна чІагІо е,
КанаІан-махкара цхьа а йоІ сан кІанте ялайойтур
яц алий. Вай кху халкъана юкъахь Іаш ду, амма
канаІанхо ма ялаяйталахь цуьнга. 4 Сан махка, сан
гергарчу нахана тІе а гІой, цигахь Исхьакхана зуда
а лахий, иза а ялош схьавола».
5 Ялхочо хаьттира цуьнга: «Оцу зудчунна соьца
кху махка ян ца лаахь, хьан кІант хьо схьаваьллачу
махка дІавига везий ас?»
6 «ХІан-хІа! И дан мегар дац! – элира ИбрахІима. –
Ма вига сан кІант цига. 7 Стигаларчу Дала, Везачу
Эло валийна со сайн ден цІийнера, со винчу
махкара кху лаьтта тІе. ХІара латта сан доьзалан
хир ду аьлла, чІагІо йинчу Везачу Эло Шен *малик*
дохуьйтур ду хьуна хьалха даьккхина, хьоьга сан

† 22:16, 17 Іебархошка 6:13, 14. †† 22:17 Іебархошка 11:12.
‡ 22:18 Векалийн 3:25. ‡† 23:4 Іебархошка 11:9, 13; Векалийн
7:16.

‡‡ Кога кІел куьг а диллий *– цу гІиллакхехь ша дийр ду
аьлларг дан дезара.*

кӀантана цигара йолу зуда харжийта. 8 Нагахь йоӀ
хьуна тӀаьхьа схьаян реза ца хилахь, айхьа суна
йинчу чӀагӀонах паргӀат ву хьо, амма сан кӀант цига
дӀа ма вига».
9 Ялхочо, шен эла волчу ИбрахӀиман кога кӀел
шен куьг а диллина, чӀагӀо йира тӀедиллинарг
кхочушдан.
10 ИбрахӀиман итт эмкал схьа а эцна, дуккха а
тайп-тайпана цуьнгара долу деза совгӀаташ а
кечдина, Арам-НахӀарайм-махкахь йолчу Нахьир
Ӏийначу гӀала вахара ялхо. 11 Суьйранна, зударий хи
тӀе боьлхучу хенахь, гӀалина арахьа, шовданан
йистехь эмкалш голаш тӀе охьайиийшийра цо.
12 «Веза Дела, – аьлла, дийхира ялхочо, – Хьо сан
элан ИбрахӀиман Дела ву, цунах къинхетам а бай,
таханлерачу дийнахь цуьнан кӀантана зуда каро
аьтто бехьа сан! 13 ХӀокху шовданна йистехь
лаьтташ ву со. ГӀалара мехкарий богӀу кхуза хи эца.
14 Исхьакхана леринарг муьлха ю хьоьжуш, цхьана
билгалоне сатуьйсуш Ӏа со. Ас эр ду йоӀе: „Хьайн
кхаба охьаерзаехьа, хи мер дара ас“. Нагахь цо:
„Мала ахь, ас хьан эмкалшна а лур ду хи“, – алахь,
суна хуур ду, иза цунна леринарг юйла а, Хьо сан
элах къинхетам беш вуйла а».
15 Цуьнан къамел чекх ца даьллера, ИбрахӀиман
вешин Нахьиран а, цуьнан зудчун Малкин а
кӀентан Бетаалан йоӀ Ребикха, белш тӀе йиллина
кхаба а яхьаш, шовданна тӀе еача. 16 Иза, чӀогӀа
хаза а йолуш, боьрша стаг шех кхетаза йоӀстаг яра.
Шовда долчу чу а йоьссина, шен кхаба хьала а
юьзна, юхаеара иза. 17 Цунна тӀе а вахана, ялхочо
элира: «Хьайн кхаби чуьра хи малийтахьа соьга», –
аьлла.
18 Ребикхас, цу сохьта шен белша тӀера кхаба охьа
а яьккхина, хи малийтира цуьнга: «Мала хьайна», –
аьлла. 19 Иза хи мелла ваьлча, йоӀа элира: «Ас
тоъал хьан эмкалшна а малор ду хи». 20 Шен кхаби
чуьра дерриг а хи эмкалшна дӀа а доьттина, юха,
едда яхана, кхин а хи а деана, массо а эмкална хи
малийра цо. 21 Ялхо, вист а ца хуьлуш, хьоьжура
цуьнга, шен доӀина Везачу Эло жоп а делла, ша
арабаьккхина некъ кхочушхиллий хаа лууш.
22 Эмкалш хи мелла евлча, цо Ребикхина ах
*шекхал* йолу, мерах юллу дашо чӀуг а, куьйгех
буллу йозаллина итт шекхал болу дашо ши хӀоз а
белира. 23 Юха цо йоӀе хаьттира: «Хьо хьенан ю?
Хьан ден хӀусамехь тхуна буьйса яккха меттиг хир
ярий?» – аьлла.
24 «Малкас Нахьирна винчу Бетаалан йоӀ ю со», –
аьлла, жоп делира Ребикхас. 25 Юха тӀетуьйхира:
«Хьан эмкалшна ча а ду тхоьгахь, шуна буьйса
яккха меттиг а хир ю».
26 Везачу Элана хастам беш, лохха охьатаьӀира
ялхо. 27 Цо элира: «Хастам бу Везачу Элана, сан элан
ИбрахӀиман Далла, цуьнца тешаме а, дика а волу.
Цо валийна со сан элан доьзалера йолчу йоӀана
тӀе».
28 Сихха дӀа а яхана, Ребикхас шен цӀахь
болчаьрга дийцира хиллачух лаьцна. 29 Ребикхин
Лабан цӀе йолуш ваша вара. ЙоьӀан дешнаш а
хезна, цуьнан карахь чӀуг а, ши хӀоз а гина,
араиккхина, шовда долчу дӀахьаьдира иза. И стаг
шен эмкалшна уллохь гӀу йолчохь лаьтташ вара.
31 Лабана элира: «Марша вогӀийла тхо долчу,
Везачу Эло декъалвинарг! Хьо хӀунда лаьтта
кхузахь, арахь? Ас хьуна чоь а, хьан эмкалшна
меттиг а кечйина».
32 ИбрахӀиман ялхо цӀа чу велира. Лабана гӀо дира
цунна эмкалш дӀаӀалашъеш, царна ча а, баа хӀоъ а
белира. Ялхочунна а, цуьнца болчу нахана а когаш
била хи а делира цо. 33 Цул тӀаьхьа Лабана царна яа
хӀума елира, амма ялхочо ца йиира: «Ас юур яц
айса деанарг дӀадийццалц», – аьлла.
«Дийцахьа», – элира Лабана.
34 «Со ИбрахӀиман ялхо ву, – элира ялхочо. –
35 Везачу Эло массо а хӀуманна тӀехь декъалвина ву
сан эла, цундела иза хьалдолу стаг а хилла
дӀахӀоьттина. Везачу Эло ИбрахӀимна дуккха а жа а,
бежанаш а, деши а, дети а, ялхой а, гӀарбашаш а,
эмкалш а, варраш а елла. 36 Сан элан зудчо Сарата,
ханна йоккха йоллушехь, кӀант вира. Шен долахь
мел дерг оцу кӀантана дӀаделла сан эло. 37 Цо соьга
чӀагӀо яйтира: „Сан кӀанте канаӀанхо ма
ялаяйталахь. Суна ца лаьа цо канаӀанхочун йоӀ яло,
вай царна юккъехь Ӏаш делахь а. 38 ЧӀагӀо е суна,
сан ден махка, сан доьзална тӀе а вахана, сан
кӀантана айхьа зуда хоржур ю алий“.
39 Ас элира цуьнга: „Цу зудчунна соьца схьаян ца
лаа а мега“, – аьлла.
40 Амма эло соьга элира: „Со Шена хьалха лелачу
Везачу Эло Шен малик доуьйтур ду хьан аьтто бан,
тӀаккха сан кӀантана сан ден гергарчу нахана
юкъара зуда карор ю хьуна. 41 Сан ден гергара нах
болчу хьо веача, сан кӀантана зуда яла уьш реза ца
хилахь, айхьа йинчу чӀагӀонах паргӀат а хир ву
хьо“.
42 Тахана цу шовданна тӀе а веана, ас элира: „Веза
Эла, сан элан ИбрахӀиман Дела, ас арабаьккхина
некъ кхочушхилийтахьара Ахь. 43 Со, шовданна
улло а хӀоьттина, лаьттар ву. Хи дан йоӀ еача, ас эр
ду: ‘Соьга хьайн кхаби чуьра хи малийтахьа’, –
аьлла. 44 Соьга: ‘Мала ахь, ас хьан эмкалшна а лур
ду хи’, – аьлла, жоп делла йоӀ Везачу Эло сан элан
кӀантана хаьржина зуда хилийталахь“.
45 Со доӀа дина валале шовданна тӀе хи дан еара
Ребикха. Цуьнан белша тӀехь кхаба яра. Цо, шовда
долчу чу а йоьссина, хи схьаийцира. Ас цуьнга хи
дийхира. 46 Сиха, кхаба охьа а яьккхина, цо суна хи
делира, юха элира: „Мала ахь, ас хьан эмкалшна а
лур ду хи“.
Ас хи мелира, цо сан эмкалшна а малийра хи.
47 Ас цуьнга хаьттира: „Хьо хьенан ю?“
Цо жоп делира: „Малкас Нахьирна винчу
Бетаалан йоӀ ю со“.

ТӀаккха ас цунна мерах чӀуг а оьллира, пхьаьрсаш
тӀе ши хӀоз а боьллира. 48 Юха, корта охьа а
таӀийна, Везачу Элана, сайн элан ИбрахӀиман
Далла, хастам бира ас. Цо нийсачу новкъа кхуза
схьавалийна со, сан элан вешин кӀентан йоӀ сан
элан кӀантана ялорхьама.
49 Ткъа хӀинца алийша соьга, сан элах къинхетам
а бина, цуьнца нийсо а лелийна, шайн йоӀ схьаяла
реза хир дуй шу? Алийша, суна дан дезарг
хаийтархьама».
50 ТӀаккха Лабана а, Бетаала а элира: «Тхуна го и
гӀуллакх Везачу Элера хилар, цундела оха хӀун эр ду
цунна дуьхьал? 51 ХӀара Ребикха ю хьуна, иза, схьа а
эций, дӀайига. Хьан элан кӀанте маре гӀор иза,
Везачу Элана лууш ма-хиллара».
52 И дешнаш хезча, ИбрахӀиман ялхо лаьтта
охьакхаччалц Везачу Элана охьатаьӀира. 53 Цо
Ребикхина ша деана совгӀаташ: хаза духарш, дашо
а, дато а хӀуманаш дӀаелира. Иштта цуьнан нанна
а, вешина а совгӀаташ делира. 54 Цул тӀаьхьа ялхо а,
цуьнца болу нах а дууш а, молуш а Ӏийна, цигахь
буьйса йоккхуш севцира.
ШолгӀачу дийнахь Ӏуьйранна хьалхха хьала а
гӀевттина, цара элира: «ХӀинца тхайн эла волчу
дӀадаха деза тхо».
55 Ребикхин нанас а, вашас а элира: «Ребикха
иттех дийнахь тхоьца йита, тӀаккха дӀагӀор шу».
56 Амма ялхочо элира: «Со сеца ма вейша. Везачу
Элана сан некъ кхочушхила лиъна, сайн эла волчу
дӀавахийтийша со».
57 Цара элира: «Ребикхе схьа а кхайкхина, цунна
хӀун лаьа хоттур вай».
58 Ребикхе, схьа а кхайкхина, хьаьттира цара:
«Хьуна хӀокху стагаца хӀинцца дӀаяха лаьий?»
«ХӀаъ, лаьа», – аьлла, жоп делира цо.
59 Цара ИбрахӀиман ялхочуьнца а, цуьнан нахаца
а дӀаяха пурба делира шайн йишина Ребикхина.
Цуьнца цхьаьна иза кхаьбна йолу ялхо а яхара.
60 Ребикха дӀайоьдуш цуьнга элира:
«Тхан йиша, эзарнаш а, эзарнаш а адамаш
схьадовлийла хьох, хьан тӀаьхьенаша шайн
мостагӀийн гӀаланаш схьайохийла!»
61 Ребикха а, цуьнан ялхой а, эмкалш тӀе а
хевшина, ИбрахӀиман ялхочунна тӀаьхьа
дӀабахара. Ребикха схьа а эцна, юханехьа
новкъаавелира ялхо.
62 Цу хенахь Беар-лахьай-рои цӀе йолчу меттера
дӀа а вахана, НегӀабехь Ӏаш вара Исхьакх. 63 Цкъа
сарахь, ойла а еш, волавала аравелира Исхьакх.
Корта хьалаайича, цунна геннахь йогӀу эмкалш
гира. 64 ДӀахьаьжча, Исхьакх а гина, эмкал тӀера
чуиккхира Ребикха. 65 Цо ялхочуьнга хьаьттира:
«Аренгахула вайна дуьхьалвогӀу жима стаг мила
ву?»
«Иза сан элан кӀант ву», – жоп делира ялхочо.
Ребикхас, шен кортали схьа а эцна, юьхь
къайлаяьккхира.
66 Ялхочо дерриге а ша диначух лаьцна
Исхьакхана дийцира. 67 Исхьакха шен ненан четар
кӀел дӀайигира Ребикха. Цунах Исхьакхан зуда
хилира. Исхьакхана иза чӀогӀа езаелира, шен
еллачу ненах болу сингаттам а байбелира цунна.

### ИбрахӀим кхалхар
(1 Шерашкахь 1:32, 33)

25 ИбрахӀима шолгӀа а зуда ялийра. Цу зудчун
цӀе Къитурат яра. 2 Къитурата винера Зимран
а, Якхешан а, Медан а, Мадани а, Ишбакх а, Шуахь
а. 3 Якхешан Шебин а, Дадданан а да вара.
Дадданах схьабевллера ашурхой а, летушхой а,
леумхой а. 4 Ӏейпа, Ӏайпар, Хьанах, АвидаӀ, ЭлдаӀа
цӀераш а йолуш, кӀентий бара Маданин. И берриге
а кӀентий ИбрахӀимах а, Къитуратах а схьабевлла
бара.
5 Шен долахь дерг дерриге а ИбрахӀима
Исхьакхана дитира. 6 Ткъа шен гӀарбашаша бинчу
кӀенташна совгӀаташ а делла, Исхьакхах уьш дӀа а
къастийна, малхбалехьа дӀахьовсийра ИбрахӀима.
7 ИбрахӀим бӀе кхузткъе пхийтта шарахь вехира.
8 Эххар а иза кхелхира. Дуьнен чохь дуккха а хан
яьккхина, дика а ваьхна, кхелхинчул тӀаьхьа шен
дайх дӀакхийтира иза. 9 КӀенташа Исхьакха а,
ИсмаьӀала а Мамари олучу меттигна уллохь,
Махпела цӀе йолчу хьеха чохь, ЦӀохьаран кӀентан,
хьетахо волчу Ӏепронан, лаьтта тӀехь дӀавоьллира
иза. 10 †ИбрахӀима хьетахошкара эцна латта а, хьех
а яра иза. Шен зудчунна Саратна уллохь
дӀавоьллира ИбрахӀим. 11 ИбрахӀим кхелхинчул
тӀаьхьа Дала Исхьакх декъалвира. Беар-лахьай-рои
цӀе йолчу меттехь Ӏаш вара Исхьакх.

### ИсмаьӀалан кӀентий
(1 Шерашкахь 1:28-31)

12 Саратан ялхочо, мисархочо ХӀажара
ИбрахӀимна винчу кӀентан ИсмаьӀалан тӀаьхье
хӀара ю. 13 Иштта ю церан цӀераш: дуьххьара
винарг Набуяти, цул тӀаьхьа Къедар, Адбаал,
Мибасам, 14 МишмаӀ, Дума, Маси, 15 Хьадид, Тейма,
Етар, Напуши, Къедима. 16 Уьш ИсмаьӀалан
кӀентийн цӀераш ю. Шийтта тайпанан баьччанийн
а, уьш баьхначу меттигийн а цӀераш а ю уьш.
17 Цхьа бӀе ткъе вуьрхӀитта шарахь а ваьхна,
кхелхина ИсмаьӀал шен дайх дӀакхийтира.
18 Цуьнан тӀаьхьенаш Хьавил-лаьтта тӀера Шур-
гӀалина тӀекхаччалц ехаш яра. Мисар-мехкан
дозанца йолу Шур-гӀала Ашур-махка боьдучу
новкъахь лаьттара. Шайн вежаршца бертахь а
боцуш, бехаш бара уьш.

### Якъуб а, Ӏесав а

19 ХӀара ду Исхьакхан тӀаьхьенах хилларг.
ИбрахӀиман кӀант вара Исхьакх. 20 Исхьакхан
шовзткъа шо кхаьчча, цо Падан-Арама цӀе йолчу

† 25:10 *Доладалар 23:3-16.*

меттера Ребикхa ялийра. Иза арамхо волчу
Бетаалан йоI а, арамхочун Лабанан йиша а яра.
21 Исхьакхан зуда бер ца хуьлуш яра. Амма
Исхьакха Везачу Эле шен зудчух лаьцна дехча,
Везачу Эло цуьнан доIина жоп а делла, Ребикха
доьзалхочух хилира. 22 Цуьнан кийрара бераш кест-
кеста тохалора. Везачу Эле, доIа а дина, хаьттира
Ребикхас: «ХIара хIун ду соьца хуьлуш дерг?» –
аьлла.
23 †Везачу Эло жоп делира цунна:
«Ши тукхам ду хьан кийрахь,
ши халкъ схьадер ду хьох,
амма и шиъ декъалур ду.
Цхьаъ вукхул онда хир ду,
воккхаха верг жимаха волчунна гIуллакх деш хир
ву».
24 Хан тIекхаьчча, Ребикхас шала ши кIант вира.
25 Дуьххьарлераниг цIиэн вара, дерриг а дегIа тIехь
чоьш а долуш. Цуьнан цIе Iесав тиллира (иза
«чоьшдерг» бохучух тера ду). 26 ШолгIаниг дуьнен
чу волуш, Iесаван кIажа а лаьцна схьавелира.
Цундела цуьнан цIе Якъуб тиллира (и ду
«КIажалоцург» бохург). И шиъ винчу хенахь
Исхьакхан кхузткъа шо дара.
27 КIентий баккхий хилира. Говза таллархо волчу
Iесаван аренашкахь хан йоккхуш самукъадолура.
Якъуб тийна, таьIна стаг вара, дукхаха йолу хан
шен четара кIелахь йоккхура цо. 28 Исхьакхана
Iесав дукха везара, хIунда аьлча Iесава дахьаш
долу экханан жижиг тайнера цунна. Ткъа
Ребикхина Якъуб дукхавезара. 29 Цкъа кIадвелла,
мацалла гIора а доцуш, талла ваханчуьра цIа веара
Iесав. Якъуб цу хенахь кхоьш кхехкош вара.
30 Iесава элира Якъубе: «Со мацалла гIелвелла ву, и
цIен кхоьш лохьа суна». (Цундела аьлла Iесавах
«Эдом», ткъа иза «цIениг» бохург ду.)
31 Амма Якъуба элира: «Делахь, суна дуьххьара
дуьнен чу ваьллачун бакъо схьало».
32 «Со мацалла леш ву, нагахь со лахь, ас хIун до
сайн хьалха дуьнен чу ваьллачун бакъонах?», –
элира Iесава.
33 ††Якъуба элира: «Цкъа хьалха дуй баа».
Якъубана дуй а биъна, шен хьалха дуьнен чу
ваьллачун бакъо йоьхкира Iесава. 34 ТIаккха Якъуба
Iесавана кхоьх йина яа хIума а, бепиг а делира.
Iесав, яа а йиъна, мала а мелла, дIавахара. Иштта
атта шен хьалха дуьнен чу ваьллачун бакъо
дIаелира цо.

### Исхьакх а, Абу-Малик а

26 ИбрахIим дийна волчу хенахь хилларг
санна, мацалла хIоьттира цу махкахь.
Исхьакх ГIарар-гIала пIелаштамхойн паччахьна
Абу-Маликана тIе вахара.
2 Везачу Эло элира Исхьакхе: «Мисар-махка ма
гIо, Ас хьайга Iе аьллачу лаьтта тIехь Iе. 3 ‡Цу лаьтта
тIехь Iе, Со хьоьца хир ву, Ас хьо декъалвийр ву.
Хьуна а, хьан тIаьхьенна а дIалур ду Ас дерриге а
хIара латтанаш. Хьан дена ИбрахIимна Айса йина
чIагIо кхочуш а йийр ю. 4 Хьан тIаьхье дебор ю Ас,
стигалара седарчий санна. Хьуна а, хьан
тIаьхьенна а дIалур ду Ас дерриге а хIара
латтанаш. Хьан тIаьхьенехула дуьнен чуьра массо
а халкъаш декъала хир ду. 5 Ас иза дийр ду хьан
ден ИбрахIиман дуьхьа, хIунда аьлча иза вара Ас
аьлларг деш а, Сан хьехамаш а, весеташ а,
омранаш а кхочушдеш а».
6 Исхьакх ГIарар-гIалахь ваха хиира. 7 ‡†Цуьнан
зуда Ребикха хаза яра. Цигара божарий цунах
лаьцна Исхьакхе хетта буьйлабелча, цо элира: «Иза
сан йиша ю». Ребикха шайна йитархьама цара ша
верна кхоьрура Исхьакх. 8 Дуккха а хан яьллера
Исхьакх цигахь Iаш волу. Цкъа корехула
чухьаьжначу Абу-Маликана гира Исхьакха шен
зуда Ребикха хьоьстуш.
9 Исхьакх тIе а кхайкхина, Абу-Малика элира: «Иза
хьан зуда ю, тхоьга йиша ю хIунда аьлла ахь?»
Исхьакха жоп делира: «Со кхоьрура цуьнан
дуьхьа ахь со верна».
10 «И хIун ду ахь тхуна динарг? – хаьттира Абу-
Малика. – Масала, тхох цхьаъ хьан зудчух кхеттехь,
тхо бехке хуьлуьйтур ма дара ахь». 11 Абу-Малика
шен халкъе омра дира: «ХIокху стагах а, кхуьнан
зудчух а куьг Iоьттинарг къинхетам боцуш вуьйр
ву», – аьлла.
12 Исхьакха, цу лаьтта тIехь къа а хьегна,
дIадийначул бIозза сов ялта гулдира цу шарахь,
хIунда аьлча Везачу Эло декъалвина вара иза.
13 Цуьнан дуккха а хьал вовшахкхийтира. Бахам
тIаьхь-тIаьхьа алсамболуш, иза чIогIа вехаш стаг
хилира. 14 Цуьнан дуккха а даьхни а, ялхой а бара,
цундела пIелаштамхой хьоьгура цунах. 15 Хьалха
ИбрахIима шен ялхошца яьхна ерриг а гIунаш, тIе
латта а хьоькхуш, дIаюкъура цара.
16 Абу-Малика элира Исхьакхе: «Тхо долчуьра
дIагIо, хIунда аьлча тхол дуккха а нуьцкъала хилла
дIахIоьттина хьо». 17 Цигара дIа а вахана, ГIарар-
гIала лаьттачу тогIи чохь шен четарш а хIиттийна,
ваха хиира Исхьакх. 18 Дуккха а шераш хьалха
ИбрахIима алссам гIунаш яьхнера, амма иза
веллачул тIаьхьа пIелаштамхоша дIаюькънера
уьш, тIе латта а тесна. Исхьакха, уьш схьа а
яьстина, шен дас хьалха яьхна цIераш техкира
царна. 19 Исхьакхан ялхоша тогIи чохь а яьккхира
гIу, цу чуьра арадолуш жима татол дара. 20 Амма
ГIарар-арахь даьхни дажочу Iуша Исхьакхан
ялхошца къевсира: «ХIара хи тхан ду», – аьлла.
Цундела Исхьакха Iейсекх (иза «къовсар» бохург ду)
аьлла, цIе тиллира цу гIунах, хIунда аьлча цара
къийсинера цу меттехь. 21 Цул тIаьхьа Исхьакхан
ялхоша кхин цхьа гIу яьккхира, амма оццу Iуша
цунна тIехула а къовсам баьккхира. ТIаккха
Исхьакха цу гIунан цIе Ситна (иза «мостагIалла»

† *25:23 Римхошка 9:12.* †† *25:33 Iебархошка 12:16.* ‡ *26:3, 4 Доладалар 22:16-18.*

‡† *26:7 Доладалар 12:13; 20:2.*

бохург ду) тиллира. 22 Цигара дIа а вахана, кхин
цхьа гIу яьккхира Исхьакха. Иза къуьйсуш цхьа а
вацара, цундела Рехьабат (иза «паргIат» бохург ду)
аьлла, цIе тиллира цунна Исхьакха. Цо элира:
«Эххар а Везачу Эло вайна меттиган паргIато елла,
цундела вай цу лаьтта тIехь дебар ду».
23 ТIаккха цигара а Беар-ШабаIе дIавахара
Исхьакх. 24 Цу буссехь дуьхьал хIоьттинчу Везачу
Эло цуьнга элира: «Со хьан ден ИбрахIиман Дела
ву. Цхьана а хIуманах ма кхера, хIунда аьлча Со
хьоьца ву. Ас хьо декъалвийр ву, хьо дебош, хьан
тIаьхье дукха хуьлуьйтур ю. Сайн ялхочун
ИбрахIиман дуьхьа дийр ду Ас иза».
25 Цигахь сагIа доккху меттиг а кечйина, Везачу
Эле кхайкхира Исхьакх. Шен четарш хIиттийра цо
цигахь, ткъа цуьнан ялхоша гIу яьккхира.
26 †ТIаккха Исхьакх волчу ГIарар-гIалара Абу-
Малик веара, шеца шен хьехамча Ахьузат а, тIеман
хьаькам Пихал а валош. 27 «Шу хIунда даьхкина? –
аьлла, хаьттира Исхьакха. – Хьалха-м мостагIалла
ма дара шун соьца, со шайн махкара ара ма
ваьккхира аша?»
28 «ХIинца тхуна билггала го Веза Эла хьоьца
хилар, – элира цара. – Тхуна хьоьца бартбан лаьа.
Ахь тхуна дуй баа беза, 29 тхуна вон болх бийр бац
аьлла, хIунда аьлча оха хьуна а ца дира цхьа а
вониг. Оха хьо маьрша дIахийцира. ХIинца тхуна го
Везачу Эло хьо декъалвина хилар».
30 Исхьакха той а хIоттийна, массара а яа а йиира,
мала а мелира. 31 Ткъа Iуьйранна хьалхе цара
вовшашна дуй биира, цул тIаьхьа Исхьакха
хьеший новкъа бехира. Уьш и волчуьра маьрша
дIабахара.
32 Цу дийнахь схьабаьхкинчу ялхоша Исхьакхе
элира, шаьш яьккхинчу гIуна чохь хи карийна
шайна аьлла. 33 Исхьакха цу гIунан цIе ШабаI (иза
«дуй» бохург ду) тиллира, ткъа гIалех хIинца а олу
Беар-ШабаI.

### Iесаван зударий

34 Шен шовзткъа шо кхаьчча, Iесава хьетахойн
ши зуда ялийра: Беарин йоI ЯхIудит а, Эйлонан йоI
Басамат а. 35 Цу захалонаша Исхьакхан а, Ребикхин
а дегнаш тIехь сингаттам латтабора.

### Якъуба Исхьакхе ша декъалвойту

27 Исхьакх къанвеллера, цуьнан бIаьрса дикка
телхинера. Цкъа шен воккхаха волу кIант
Iесав схьа а кхайкхина, цо элира: «КIант!»
«ХIун боху ахь?» – жоп делира Iесава.
2 Исхьакха элира: «Со къена ву, кестта вала мега.
3 Хьайн секхаIад а, пхерчий а схьа а эций, ара а
валий, суна экхан жижиг да. 4 Суна дукхаеза яа
хIума а кечъяй, соьга яийта, тIаккха ас декъалвийр
ву хьо, со валале».
5 Ребикхина хезира Исхьакха шен кIанте Iесаве
дина къамел. Iесав талла вахара. 6 Ребикхас элира
шен кIанте Якъубе: «Суна хезира, хьан дас Iесаве
къамел деш. 7 Цо элира цуьнга: „Экхан жижиг а дай,
суна яа хIума кечъе, иза йиинчул тIаьхьа Везачу
Элана хьалха ас декъалвийр ву хьо, со валале“.
8 ХIинца, сан кIант, ла а догIий, ас бохург де: 9 вай
гезарий лелочу метте а гIой, ши буьхьиг я суна. Ас
хьан дена хазахеташ йолу яа хIума кечйийр ю.
10 Ахь иза хьайн дена дIахьур ю, тIаккха цо хьо
декъалвийр ву, ша валале».
11 Амма Якъуба элира Ребикхе: «Сан ваша Iесав
дегIа тIехь чо болуш ву, ткъа со вац. 12 Нагахь дас
сох куьг Iоттахь, цунна хуур ду со Iесав воций,
тIаккха декъалваран меттана аса сайна неIалт
кхайкхадойтур ду иза леван гIортарна».
13 Ребикхас цуьнга элира: «Нагахь иштта хилахь,
ас неIалт сайна тIеоьцур ду. Ас хьайга ма-бохху де,
вало, схьая буьхьигаш».
14 Якъуба, вахана, ши буьхьиг еара шен нанна,
ткъа Ребикхас, Исхьакхана езаш ма-хиллара, яа
хIума кечйира. 15 Шен воккхаха волчу кIанта Iесава
лелош долу, цIа чохь долчух тоьлла долу духар,
схьа а эцна, жимаха волчу Якъубе тIедохийтира
нанас. 16 Юха буьхьигийн кхекхий Якъубан куьйгех
а, логах а дIахьарчийра цо. 17 Цул тIаьхьа ша
кечйина яа хIума а, бепиг а Якъубе дIаделира цо.
18 Да волчу а вахана, Якъуба элира: «Дада».
Дас хаьттира: «Хьо Iесав вуй?»
19 «Ву со Iесав, хьан дуьххьарлераниг, – жоп
делира Якъуба. – Ахь ма-аллара, дерриг а кхочушди
ас. Хьала а гIаттий, хьайна ас дийначу экхан жижиг
даахьа, цул тIаьхьа со декъал а вехьа».
20 Амма Исхьакха хаьттира кIанте: «Акхаро ма
сиха карий хьуна?»
Якъуба жоп делира: «Везачу Эло, хьан Дала, гIо
дира суна иза каро».
21 ТIаккха Исхьакха элира Якъубе: «Схьавола суна
тIе, ас куьг Iуттур ду хьох, сан кIант, хьо Iесав вуй
хьажа». 22 Якъуб цунна тIевахара, вукхо, цунах
куьйгаш а хьаькхна, элира: «Якъубан санна, аз ду
хьан, амма куьйгаш тIехь, Iесаван санна, чоьш ду».
23 Исхьакхана Якъуб ца вевзира, хIунда аьлча
цуьнан куьйгаш, Iесаван санна, тIехь чоьш долуш
дара. Цо Якъуб декъалвира. 24 Юха цо хаьттира:
«Сан кIант Iесав вуй хьо?»
«Ву», – аьлла, жоп делира Якъуба.
25 ТIаккха Исхьакха элира: «Суна экхан жижиг да,
иза диинчул тIаьхьа ас декъалвийр ву хьо».
Якъуба цунна яа хIума а, чагIар а делира.
Исхьакха хIума а йиира, чагIар а мелира.
26 Исхьакха элира Якъубе: «КIант, схьа тIе а волий,
барт баккха суна».
27 ††Якъуба, тIе а веана, барт баьккхира дена.
Iесаван бедарийн хьожа а кхетта, Исхьакха
декъалвира иза:
«Везачу Эло декъалйинчу аренийн хьожа санна ю

† 26:26 Доладалар 21:22.

†† 27:27-29 Iебархошка 11:20.

сан кIантах йогIу хьожа.
28 Везачу Эло кхачам боллуш догIанаш дохкуьйтийла
хьан латта токхе хилийта,
хьуна алссам ялта а, керла чагIар а хилийта.
29 †Хьуна гIуллакх деш къаьмнаш хуьлийла,
хьуна муьтIахь халкъаш хуьлийла!
Хьо хьайн вежаршна тIехь олалла деш хир ву,
уьш хьуна хьалха охьатаьIна хир бу.
Хьуна неIалт кхайкхош верг неIалт хилла хир ву,
хьо декъалвеш верг декъала хир ву».
30 Исхьакха декъал а вина, Якъуб дIавахана дукха
хан ялале талла ваханчуьра цIа веара Iесав. 31 Шен
дена дукхаезаш йолу яа хIума а кечйина,
схьавеанчу Iесава элира: «Дада, хIара со ву, хьан
кIант. Хьала а гIаттий, айса хьайна дийначу экхан
жижиг даа, цул тIаьхьа со декъалвийр ву ахь».
32 Амма Исхьакха хьаттира: «Хьо мила ву?»
«Со хьан дуьххьарлера кIант, Iесав ву», – аьлла,
жоп делира Iесава.
33 Синтем байначу Исхьакха хьаттира: «Ткъа мила
вара, хьо вале, яа хIума а кечйина, иза яхьаш
веанарг? Ас, хIума а йиъна, декъалвира иза, хIинца
иза декъалвина ву».
34 Ден дешнаш хезна, оьгIаз а вахана, гIаддайначу
Iесаван мохь белира: «ТIаккха со а вехьа декъал,
дада!»
35 «Хьан вашас леви со, ван а веана, хьуна догIу
декъалвар дIа а эцна!» – элира Исхьакха. 36 ††«Лаа
ма ца олу цунах Якъуб (и ду „левеш верг“ бохучух
тера)! – элира Iесава. – Цо шозза леви со: цкъа
соьгара дуьххьара дуьнен чу ваьллачун бакъо
дIаийци, ткъа хIинца декъалвар а дIадаьккхи». Юха
дега хьаттира Iесава: «Суна цхьа а тайпа декъалвар
дитиний ахь?»
37 «Дукха тIаьхьа ду, – жоп делира Исхьакха. – Ас
Якъубана хьуна тIехь олалла дIаделла. Ас аьлла
цуьнга, массо а цуьнан вежарий цуьнан ялхой хир
бу. Ас декъалдира цуьнан ялта а, чагIар а. Сан
кIант, хьуна дала хIумма а дац сан!»
38 ‡Амма, велха а воьлхуш, дега дехарш дора
Iесава: «Дада, цхьаъ бен дац хьан декъалвар? Со а
вехьа декъал, дада!»
39 ‡†ТIаккха элира цуьнга Исхьакха:
«Токхе лаьтта тIехь вехар вац хьо,
тоьал догIанаш а хир дац хьуна,
40 ‡‡хьайн дахарехьа тур а буйнахь къийса дезар ду
хьан.
Хьайн вешин ялхо хир ву хьо,
амма цунна дуьхьал а гIаьттина,
цуьнан олаллин кIелхьара вер ву хьо».

### Якъуб Лабан волчу вадар

41 Iесавана ца вийзира Якъуб, шен метта иза дас
декъалвина хиларна. Цо сацам бира: «Сан да
кестта лийр ву, тхо доьлхуш а, холчохь а хир ду,
ткъа цул тIаьхьа ас сайн ваша Якъуб вуьйр ву».
42 Якъуб вер Iесавана дагадеана хилар Ребикхе
хаийтира. Цо, Якъубе схьа а кхайкхина, элира:
«Хьан ваша Iесав ву хьо вен дагадеана. 43 Сан кIант,
ахь ас ма-бохху дан деза: сан ваша Лабан ву
ХIаран-гIалахь Iаш, сиха иза волчу дIагIо. 44 Цигахь
Iе цкъачунна, хьайн ваша оьгIазваханчуьра
ваставаллалц. 45 Хьан вешина ахь цунна динарг
дицделча, ас хьуна тIаьхьа ялхо воуьйтур ву. Со
хIунда йолуш ю цхьана дийнахь шу шиннех а?»
46 Ребикхас элира Исхьакхе: «Дуьне ца го суна и
хьетахойн зударий бахьана долуш, нагахь Якъуба а
кху махкара хьетахойх зуда ялаяхь, сан ялан бен ца
деза!»

## 28

Якъуб шена тIе а кхайкхина, иза
декъалвинчул тIаьхьа цунна тIедожийра
Исхьакха:
«КанаIанхойн зуда хьайна ма ялаелахь. 2 Кхузара
дIа а гIой, Падан-Арам олучу метте гIо, хьайн
ненада Бетаал ваьхначу цIийне. Цигахь Iаш хьан
ненан ваша Лабан ву. Цуьнан цхьа йоI ялае. 3 Аса
нуьцкъалчу Деле доьху, Цо хьо декъал а вина, хьан
дуккха а береш хилийта бохуш. Ас доьху, хьо
дуккха а халкъийн да хилийта бохуш. 4 ‡‡†Дала хьо
а, хьан береш а декъалдойла, ИбрахIим ша
декъала ма-варра. Дала ИбрахIимна делла, хьо
хIинца тIевеана стаг а хилла Iаш волу латта хьан
дола долийла».
5 Исхьакха Падан-Араме дIахьажийра Якъуб. Иза
Ребикхин ваша, арамхо Лабан волчу вахара.
Лабанан а, Ребикхин а да Бетаал вара, ткъа
Ребикха Якъубан а, Iесаван а нана яра. 6 Iесавана
хиира, шен дас Исхьакха декъал а вина, Якъуб
Падан-Араме шена зуда лаха хьажийнийла а, дас
Якъубана, канаIанхо ма ялае аьлла, тIедожинийла
а. 7 Дас-нанас бохург а дина, Якъуб Падан-Араме
дIаваханийла а хиира Iесавана. 8 ТIаккха кхийтира
Iесав, шайн дена канаIанхойн зударий ца безийла.
9 Iесаван ши зуда яра, амма ИбрахIиман кIант
ИсмаьIал волчу а вахана, цуьнан йоI, Набуятин
йиша, Махьалат ялийра цо шена.

### Бетал-гIалахь Якъубана гина гIан

10 Якъуб, Беар-ШабаIера ара а ваьлла, ХIаран-
гIала вахара. 11 Новкъа воьдуш, суьйре тIе а еана,
цхьана меттехь буьйса йоккхуш сецира иза. Цхьа
тIулг а карийна, цу тIе корта а биллина, дIавижира
иза. 12 ‡‡‡ГIенах Лаьттара стигала хьалакхаччалц
болу лами а, цу тIехула хьала-охьа лелаш долу
Делан маликаш а гира цунна. 13 §Стигалахь, цу лами
тIехула лаьттачу Везачу Эло цуьнга элира: «Со Веза
Эла ву, хьан деден ИбрахIиман а, ден Исхьакхан а
Дела. ХIинца хьо тIехь Iуьллу латта хьуна а, хьан
тIаьхьенна а лур ду Ас. 14 §†Лаьттара ченан
буьртигаш санна, дукха тIаьхьенаш хир ю хьан,

† *27:29 Доладалар 12:3.* †† *27:36 Доладалар 25:29-34.* ‡ *27:38 Iебархошка 12:17.* ‡† *27:39, 40 Iебархошка 11:20.* ‡‡ *27:40 Доладалар 36:8.*

‡‡† *28:4 Доладалар 17:4-8.* ‡‡‡ *28:12 Яхьъя 1:51.* § *28:13 Доладалар 13:14, 15.* §† *28:14 Доладалар 12:3; 22:18.*

уьш дӀасаяьржар ю малхбалехьа а, малхбузехьа а,
къилбаседехьа а, къилбехьа а. Дуьнен чуьра массо
а халкъаш хьоьгахула а, хьан тӀаьхьенехула а
декъал хир ду. 15 Со хьоьца ву, Ас Ӏалашвийр ву хьо,
миччанхьа вахача а. ХӀокху лаьтта тӀе хьо юха схьа
а валийна, Айса хьоьга аьлларг кхочушдаллалц, Ас
хьо дӀатесна вуьтур вац».
16 Сама а ваьлла, Якъуба элира: «ХӀокху меттехь
Веза Эла билггал ву, амма суна ца хаьара Иза
кхузахь вуйла». 17 Якъуб кхеравелира. «Ма сийлахь
меттиг ю хӀара! – элира цо, – ХӀара *Делан цӀа* ду,
стигалан ков ду».
18 Ӏуьйранна хьалхе хьалагӀаьттина, ша
дӀавуьжуш коьрта кӀел биллина тӀулг ирхберзийна
дӀахӀоттийра цо. Цу тӀе даьтта а доьттина, и тӀулг
Далла лерина битира Якъуба. 19 Цу меттигах Луз
олура, амма Якъуба цуьнан цӀе Бетал тиллира (иза
«Делан цӀа» бохург ду).
20 Цо дуй биира: «Нагахь Дела соьца хир велахь,
со дӀа а, схьа а вогӀучу новкъахь Ӏалаш а веш,
нагахь Цо суна даар а, духар а лахь, 21 нагахь со
могуш-маьрша сайн ден цӀа юха а верзахь, Веза
Эла сан Дела хир ву. 22 Ас кхузахь хӀара тӀулг
хӀоттийна, цо хӀара меттиг, кхузахь Дела волуш,
сийлахь юйла хоуьйтур ду. Ахь сайна деллачух
уьтталгӀа дакъа Цунна юха а лур ду ас».

### Якъуб Падан-Араме вогӀу

29 Цул тӀаьхьа Якъуба кхидӀа а бира шен некъ
малхбалехьарчу къаьмнийн махка. 2 Цунна
шера аре гира. Цу арахь гӀу яра. ГӀуна гонах
Ӏуьллуш кхо жа дара. Цу гӀуна чуьра дара царна
малош долу хи. ГӀунан го дӀакъевлина Ӏуьллуш
боккха тӀулг бара. 3 Дерриг а жаш гулделча, Ӏуша
тӀулг дӀа а карчабой, уьстагӀашна хи маладора. Юха
и тӀулг ша хиллачу метте буьллура. 4 Якъуба
хаьттира цу Ӏушка: «Вежарий, шу мичара ду?»
«ХӀаранера ду», – элира цара.
5 «Нахьиран кӀант Лабан вевзий шуна?» – аьлла,
хаьттира Якъуба.
«Вевза», – жоп делира Ӏуша.
6 «Муха Ӏаш ву иза?» – хаьттира Якъуба.
«Дика Ӏаш ву, – жоп делира Ӏуша. – Хьуьлла йогӀуш
ю цуьнан йоӀ Рахьал, уьстагӀий а далош».
7 Якъуба элира: «ХӀинца а де дехха ду, уьстагӀий
гулдан а хьалхе ду, хи а маладай, дӀа а дигий,
дажаде уьш».
8 Амма Ӏуша элира: «Дерриг а жаш гулдаллалц
собар дан деза тхан. ТӀаккха, гӀунан гона тӀера тӀулг
дӀа а харцийна, уьстагӀашна хи малор ду оха».
9 Якъуба цаьрца къамел дечу юкъана, ша дажош
долу шен ден уьстагӀий а далош, Ӏу йолу Рахьал
еара уьш болчу. 10 Шен ненавешин Лабанан йоӀ
Рахьал а, Лабанан уьстагӀаш а гина, тӀевахана,
гӀуна тӀера тӀулг дӀа а карчийна, уьстагӀашна хи
малийра Якъуба. 11 Юха, Рахьална барт а
баьккхина, вилхира иза. 12 Цо дийцира Рахьална,
ша цуьнан ден доьзалера хилар а, ша Ребикхин
кӀант хилар а. Рахьала, едда цӀа а яхана, дега
дийцира цунах лаьцна. 13 Шен йишин кӀантах и
кхаъ беача, Якъубана дуьхьалвеана, иза мара а
воьллина, барт а баьккхина, шен цӀа чу вигира
Лабана. Якъуба дийцира Лабанна хиллачух лаьцна
дерриг а. 14 «Мел дика ду хьо сан цӀийх а, синах а
волуш!» – элира Лабана Якъубе.

### Якъуба Леа а, Рахьал а ялайо

Лабан волчохь дийнна баттахь Ӏийра Якъуб.
15 Цкъа Лабана элира Якъубе: «Маьхза ахь суна
болх беш нийса дац, хьо сан гергара стаг велахь а.
Алахьа, хӀун ло ас хьуна?»
16 Лабанан ши йоӀ яра: йоккхаха йолу Леа а,
жимаха йолу Рахьал а. 17 Леа бӀаьрса ледара долуш
яра, ткъа Рахьал юьхь хаза йолуш а, дегӀ куьцехь
долуш а яра. 18 Якъубана Рахьал езаеллера,
цундела цо элира Лабане: «Ас ворхӀ шарахь болх
бийр бу хьуна, ахь соьга хьайн йоӀ Рахьал
яийтахь».
19 «Кхечуьнга лучул, хьоьга иза ялар гӀолехь хир
ду. Со волчохь Ӏе хьо», – элира Лабана. 20 Якъуба
ворхӀ шарахь болх бира Лабанна. Амма и хан масех
де долуш санна бен ца хийтира цунна, хӀунда аьлча
Рахьале болу безам чӀогӀа бара цуьнан. 21 ВорхӀ шо
хан чекхъяьлча, Якъуба элира Лабане: «Сан зуда
схьало, болх бан тоьхна хан чекхъяьлла сан».
22 Цигахь Ӏаш болу нах схьа а кхайкхина, той
хӀоттийра Лабана. 23 Цу буссехь Якъуб волчу шен
йоӀ Леа йигира цо. Якъуб Леица дӀавижира.
24 Лабана шен ялхо Залпаъ елира Леина оьшу
гӀуллакх дайта. 25 Ӏуьйранна Якъубана гира шеца
ерг Леа хилар. Цо элира Лабане: «ХӀара хӀун ду ахьа
суна динарг? Ас хьуна дукха а болх ма бинера
Рахьал сайга йоуьйтург. Со ле хӀунда ви ахьа?»
26 Лабана элира: «Тхо долчу махкахь жимаха
йолчу йоьӀан бакъо яц йоккхаха йолчул хьалха
маре яха. 27 Амма ловзаран кӀира ахьа
чекхдаккхахь, аса Рахьал а дӀалур ю хьуна. Иза
долайоккхург кхин а ворхӀ шарахь суна болх бан
беза ахьа».
28 Якъуба цо ма-аллара дира: ловзаран Ӏадат
кхочушдира, ткъа Лабана шен йоӀ Рахьал дӀаелира
цунна. 29 Шен ялхо Балхьат елира Лабана Рахьална
гӀуллакх дан. 30 Якъуб Рахьалах кхийтира, иза Леэл
чӀогӀа езаелира цунна. Кхин а ворхӀ шарахь а
Лабанна болх бира цо.

### Якъубан кӀентий

31 Везачу Элана гора Якъубана Рахьал Леэл чӀогӀа
езаш хилар, цундела Цо Леин бераш хилийтира,
ткъа Рахьалан ца хилийтира. 32 Леас кӀант вира,
цуьнан цӀе цо Раабан тиллира (иза «сан бала гина
Цунна» бохучух тера ду), хӀунда аьлча цо бохура:
«Везачу Элана гина аса хьоьгу бала: хӀинца
мукъана а со езаяла мега сан майрачунна». 33 Леа
юха а доьзалхочух хилира, кхин цхьа кӀант вира цо.

Цуьнан цIе цо ШимIа тиллира (иза «хезна» бохучух
терра ду). Леас бохура: «Везачу Элана хезна, со
майрачунна ца еза аьлла, цундела Цо суна кIант
велла». 34 Кхин цкъа а доьзалхочух а хилла, кIант
вира Леас. Цо цуьнан цIе Леви тиллира (иза
«цхьаьнаккхета» бохург ду). Леас бохура: «ХIинца
сан майра суна уллохь хир ву, ас кхо кIант ма вина
цунна». 35 Юха а доьзалхочух а хилла, кхин цхьа
кIант вира Леас. Цуьнан цIе ЯхIуд тиллира (иза
«хастам» бохург ду). Цо бохура: «ХIинца ас Везачу
Элана хастам бийр бу». Цул тIаьхьа кхин бер ца
хуьлуш сецира иза.

30 Рахьална гора шен Якъубана дина бер ца
хилар. Шен йишех Леэх хьоьгуш, цо элира
Якъубе: «Со лийр ю, ахь сан бераш ца хилийтахь!»
2 Якъуба элира, Рахьална оьгIаз а вахана: «Хьуна
бераш ца деллачу Делан метта-м вац со?»
3 ТIаккха Рахьала элира: «Сан ялхочуьнца
Балхьатца дIавижа. Нагахь санна цо суна бер дахь,
сан а цуьнгахула доьзал хир бу».
4 Рахьала шен ялхо Балхьат елира Якъубана,
цунах зуда яйта. Якъуб цуьнца дIавижира.
5 Доьзалхочух а хилла, Якъубана кIант вира
Балхьата. 6 «Сан доIанаш а хезна, Дала со
бакъйина, – элира Рахьала. – Цо суна кIант велла».
Цо кIентан цIе Дан тиллира (иза «бакъвина» бохург
ду). 7 Юха доьзалхочух хиллачу Рахьалан ялхочо
Балхьата шолгIа кIант вира Якъубана. 8 «Дала
бахьана а хIоттийна, сайн йишица къовса а елла,
толам баькккхи ас», – элира Рахьала. Цу кIентан цIе
Наптал тиллира цо (иза «къийсам» бохург ду).
9 Шен кхин бер ца хуьлий хиинчу Леас Якъубана
шен ялхо Залпаъ елира, цунах зуда яйта. 10 Леин
ялхочо Залпаа Якъубана кIант вира. 11 «Сан аьтто
хилла», – элира Леас. Цо кIентан цIе Гада (иза
«аьтто» бохург ду) тиллира. 12 Леин ялхочо Залпаа
Якъубана кхин цхьа кIант а вира. 13 Леас элира: «Со
ирс долуш ю! ХIинца массо а зударша со ирс долуш
ю эр ду!» Цу кIентан цIе Ашар тиллира цо (иза
«ирс» бохург ду).
14 КIа хьоккхучу хенахь арахула вогIучу Раабанна
дудаъ † цIе йолу орамаш карийра. Цо уьш шен
нанна Леина схьадеара. Рахьала элира Леига:
«Хьан кIанта деана дудаъ-орамаш лохьа суна
жимма».
15 «Ахь майра а ваькккхина соьгара, – элира Леас, –
хIинца сан кIанта деана дудаъ-орамаш а деза
хьуна?»
Амма Рахьала жоп делира: «Нагахь хьайн кIанта
деана орамаш ахь суна лахь, тховссехь Якъубца
дIайижа мегар ду хьуна», – аьлла.
16 Сарахь Якъуб арара цIа вогIуш, Леа цунна
дуьхьал елира. «Тховса хьо соьца дIавуьжур ву, –
элира цо. – Ас сайн кIентан дудаъ-орамаш делла
хьох». Цу буса Якъуб Леица дIавижира. 17 ТIаккха
Леин доIанаш а хезна, Дала юха а доьзалхочух
хилийтира иза. Цо Якъубана пхоьалгIа кIант вира.
18 Леас элира: «Ас сайн майрачунна ялхо яларна
Дала совгIат дина суна». Цо кIентан цIе Иссархан
тиллира (иза «совгIат ду» бохург ду). 19 Юха а
доьзалхочух а хилла, Якъубана ялхалгIа кIант вира
Леас. 20 «Дала тамашийна похIма делла суна, –
бохура Леас. – ХIинца Якъуба со, билггала, лорур ю,
хIунда аьлча ас ялх кIант вина цунна». Цо кIентан
цIе Забул тиллира (иза «ларам» бохучух тера ду).
21 Цул тIаьхьа Леас йоI йира, цуьнан цIе цо Дина
тиллира.
22 Рахьал дагахь а йолуш, цуьнан доIина жоп а
делла, бер хилийта аьтто бира Дала. 23 Доьзалхочух
а хилла, кIант вира Рахьала. Цо бохура: «Дала хIара
эхь дIадаькккхи суна тIера». 24 Цо кIентан цIе Юсуп
тиллира (иза «алсамдалийта» бохург ду). «Везачу
Эло кхин а лойла суна кIант», – бохура цо.

### Якъубан даьхни алсамдолу

25 Юсуп винчул тIаьхьа Якъуба элира Лабане:
«ДIавахийтахь со, сайн махка гIур вара со. 26 Ас
хьуна болх бина болу сан зударий а, бераш а
схьалохьа, тIаккха со дIагIур ву. Хьуна ма-хаъара,
ас хьуна гIуллакх дика дина».
27 «Нагахь хьо суна резавелахь, ма гIохьа дIа,
кхузахь Iехьа, – жоп делира цунна Лабана. – Пал
тесча, суна хиина, хьо бахьана долуш со Везачу
Эло декъалвина хилар. 28 Алахьа соьга хьайн мах,
ас дIалур бу хьуна».
29 Якъуба элира: «Хьуна хаьа, ас хьуна болх дика
бина: ас Iалашдар бахьана долуш хьан даьхни дика
хилла. 30 Со хьо волчу веанчу хенахь хьан хьал
дукха дацара, ткъа хIинца хьан иза дуккха а ду. Со
варца Везачу Эло декъалвина хьо. ХIинца сайна
оьшург дан лаьа суна. Цкъа мацца дина а сайн
цIийнан гIуллакх ца дича волий со?»
31 «ХIун ло ас хьуна?» – хаьттира Лабана.
Амма Якъуба элира: «Суна хIумма а дала ца оьшу.
Ас бохург дан лаахь, соьга кхидIа а хьайн уьстагIий
дажадайта. 32 Пурба ло суна, тахана хьайн
жашкахула чекх а ваьлла, дерриг а махарчий йолу
а, къорза а уьстагIий схьаэца, ткъа иштта массо а
Iаьржа Iахар а, махарчий йолу а, къорза а гезарий
схьаэца а. Иза суна белла мах хир бу. 33 ТIейогIучу
хенахь хьуна атта хир ду со зен: сан жашка хьажа
веача, махарчий йоцу я томмагIаш доцу бож
хилахь я Iаьржа боцу Iахар хилахь, хьуна хуур ду,
ас иза хьайн лачкъинийла».
34 Лабана жоп делира: «Со реза ву, ахьа ма-бохху
дийр ду вай».
35 Амма оццу дийнахь Лабана массо а къорза а,
махарчий йолу а гезарий а, Iаьржа Iахарий а дIа а
лачкъийна, шен кIенташка уьш ларде элира.
36 Кхаа дийнахь новкъа дIа а бахана, къорза даьхни
кхечу метте дIалаьллира кIенташа. Ткъа Якъуб
важа даьхни дажош висира. 37 ТIаккха Якъуба,
толлан а, бIаран а, хьехан а дитташ тIера гаьннаш
а даьхна, цхьацца йолчу меттера царна тIера

† *Дудаъ *– дийцарехь, цу орамаша зударшна бер хилийта гIо дора.**

чкъор дIадаькkхира. Гаьннаш тIехь кIайн
махарчий йисира. 38 Цо и гаьннаш бежанаша хи
молучу массо а меттехь охьадохкура. Хи мала
деана даьхни циггахь вовшахкхетара. 39 Цу
гаьннаш хьалха бежалошца цхьаьнакхеттачу
гезарша махарчий йолу а, къорза а, томмагIаш
долу а *дохкана* лора. 40 И дохкана юьстах а
даькkхина, цо важа долу даьхни цхьаьнакхетачу
хенахь Лабанан къорза а, Iаьржа а даьхни долчу
дIадерзадора. Иштта цуьнан хилира шен даьхни.
Лабанан даьхнех дIа а къастийна, уьш юьстахо
латтадора Якъуба. 41 ХIоразза а жена юкъахь онда
даьхни оре деача, цунна хьалха хи молучу нойш чу
гаьннаш дохкура Якъуба. Цу гаьннаш хьалха
вовшахъэр хуьлура даьхнин. 42 Ткъа даьхни гIийла
хилча, цунна хьалха гаьннаш ца дохкура цо. ГIийла
дохкана Лабанна дуьсура, ткъа онданиг Якъубана
хуьлура.
43 ЧIогIа хьалдолуш хилира Якъуб, цуьнан
даккхий жаш а, дуккха а гIарбашаш а, ялхой а,
эмкалш а, варраш а яра.

### Якъуб Лабан волчуьра воду

31 Якъубана хезира Лабанан кIенташа олуш:
«Вайн ден долахь дерг дIа а эцна, шена
бахам гулбина Якъуба».
2 Цул тIаьхьа Якъуба тидам бира Лабан шеца
хьалха санна ца хилар. 3 Везачу Эло элира Якъубе:
«Хьайн дайн лаьтта тIе, хьайн гергарнаш болчу
юхаверза. Со хьоьца хир ву».
4 Якъуба Рахьале а, Леига а алийтира, шен жаш
долчу араяла аьлла. 5 Цо элира цаьрга: «Суна го
шун да хьалха санна сайца ца хилар, амма сан ден
Дела соьца ву. 6 Шуна хаьа, ас сайн ницкъ ма-
кхоччу шун дена болх бинийла, 7 амма цо левора
со, иттазза суна бала беза мах хуьйцуш. Делахь а,
Дала Iалашвора со цо лелочу вочу хIуманех.
8 Нагахь Лабана: „Хьуна луш болу мах къорза
даьхни хир ду“, – аьлча, дерриг а *дохкана* къорза
хуьлура, ткъа нагахь цо: „Хьан мах махарчий йолу
даьхни хир ду“, – аьлча, дерриг а дохкана махарчий
йолуш хуьлура. 9 Иштта Дала шун дегара даьхни,
схьа а даькkхина, суна схьаделира.
10 Цкъа даьхни вовшахкхетачу хенахь суна гIан
гира: гезарий оре лаьцна бежалой къорза а,
махарчий я томмагIаш долуш а яра. 11 Делан
малико элира соьга гIенах: „Якъуб“. Ас жоп делира:
„Со кхузахь ву“, – аьлла. 12 Цо элира: „ДIахьажал:
гезаршца цхьаьнакхетта ерриг а бежалой къорза а,
махарчий я томмагIаш долуш а ю, хIунда аьлча
Суна гина Лабана хьуна бина тешнабехк. 13 †Со
Беталахь хьуна дуьхьал хIоьттина волу Дела ву,
ахьа тIулга тIе даьтта а доьттина, Суна чIагIо йинчу
меттигехь. ХIара латта Iадда а дитий, хьо винчу
махка сиха дIагIо“».
14 Рахьала а, Леас а элира: «Тхан ден бахамехь
тхуна дакъа дан а дуй? 15 Гуш дац цунна тхо хийра
хетар? Тхо дохка а доьхкина, тхох даькkхинарг
дайина ваьлла иза. 16 Дала тхан дегара
схьабаькkхина бахам вайн а, вайн берийн а бу,
цундела Дала хьайга ма-бохху де ахь».
17 Бераш а, зударий а эмкалш тIе а ховшийна,
18 дерриг а даьхни хьалха а лаьллина, Падан-
Арамехь вовшахтоьхна бахам схьа а эцна, шен да
Исхьакх волчу, КанаIан-махка дIаваха новкъа
велира Якъуб.
19 Лабан уьстагIий ларга вахача, Рахьала цуьнан
цIахь болу *цIуш* лачкъийра. 20 Якъуба левира
арамхо Лабан, ша дIавоьдий а ца хаийтина. 21 Иза
ведира, шен долахь дерг схьа а эцна. Эпрат-хил
дехьа а ваьлла, ГалIад-лам болчухьа дIавахара иза.

### Лабан Якъубана тIаьхьаволу

22 КхозлагIчу дийнахь Лабане хаийтира, Якъуб
ведда аьлла. 23 Шеца гергара нах а эцна, Якъубана
тIаьхьавелира иза. ВорхI де даьлча, ГалIад-лома
тIехь иза цунна тIеккхечира. 24 ГIенах веанчу Дала
арамхочуьнга Лабане элира: «Ларлолахь, айхьа
Якъубе олург, ойла а еш, алалахь». 25 Лабан
Якъубана тIаьхьакхиира. ГалIад-ломахь шен
четарш дIахIиттийнера Якъуба, Лабан а сецира
цигахь шен гергарчу нахаца. 26 Лабана элира
Якъубе: «И хIун ду ахь динарг? Со ле а вина, сан
йоIарий, йийсархой санна, дIа ма биги ахь. 27 Хьо
хIунда ведда къайлаха? Соьга хIунда ца элира ахь?
Ас самукъанечу эшаршца, вотанашца, дечиг-
пондаршца новкъа воккхур ма вара хьо.
28 ДIасакъаьсташ, йоIаршна а, церан берашна а
барт баккха аьтто а ца хилийти ахь. Ойла ца еш
дина ахь и хIума. 29 Сан ницкъ бара хьуна вон болх
бан, амма сийсара буьйсанна хьан ден Дала аьлла
соьга: „Ларлолахь, айхьа Якъубе олург, ойла а еш,
алалахь“. 30 Хьо хьайн ден цIа кхача сихвелла дела
дIавахана хуьлуьйтур вай, амма сан *цIуш* хIунда
лачкъийна ахь?»
31 Якъуба жоп делира Лабанна: «Со ведира, хIунда
аьлча со кхоьрура, ахь нуьцкъала хьайн йоIарий
сайгара дIабахарна. 32 Нагахь хьуна кхузахь
цхьаьнгахь хьайн *цIуш* карабахь, иза вехар вац.
Хьайн гергарчу нахана а гуш хьажа, хьан долахь
йолу хIума юй соьгахь. Нагахь елахь, юханехьа
дIаэца». Якъубана ца хаьара Рахьала *цIуш*
лачкъийнийла. 33 Якъубан а, Леин а, шина ялхочун
а четарш кIелахь Лабанна хIумма а ца карийра.
Юха Рахьалан четар кIел веара иза. 34 Рахьал, *цIуш*
эмкалан нуьйра кIел дIа а лачкъийна, царна тIе
хиъна. Четар кIелахь леррина лехча, хIумма а ца
карийра Лабанна. 35 Рахьала элира шен дега:
«ОьгIаз ма гIолахь, дада, хьуна хьалха со хьала ца
гIаттарна, зударийн лазар долуш ю со». Мел чIогIа
лехарх Лабанна ца карийра *цIуш*. 36 ОьгIазвахана
волу Якъуб Лабанна тIевирзира: «ХIун ду соьгара
даьлларг? Хьо суна тIаьхьавала сан хIун бехк бу?
37 Сан долахь дерг дерриг а кегий ахь, хьайн
салпалах хIумма а карийн хьуна? Хьайна

† *31:13 Доладалар 28:18-22.*

карийнарг хьан а, сан а гергарчу нахана хьалха
охьадилла, цаьрга кхел йойтур ю вайшиммо.
38 Ткъа шарахь хьо волчохь Іийна со. Цу хенахь
хьан уьстагІий а, гезарий а оста а ца евлла, хьан
жаш юкъара кой а ца диъна ас. 39 Акхароша
цистина даьхни хьуна тІе ца деана ас, зен сайна
хилийтина. Ткъа ахь соьга дийнахь а, буса а
лачкъийначунна тІера мах токхуьйтура. 40 Дийнахь
малхо воттуш, буьйсанна шелонна бала хьоьгуш,
наб а яйна лелла со. 41 Иштта ткъа шарахь Іийна со
хьан хІусамехь. Дейтта шарахь хьан шина йоІах а,
ялх шарахь даьхнех а болх бина ас, ткъа ахь суна
луш болу мах иттазза хийцира. 42 Нагахь санна
соьца Исхьакх шех кхоьруш волу, сан деден
ИбрахІиман Дела а ца хиллехь, ахь со хІумма а ца
луш дІавохуьйтур вара. Амма Далла гина сан
халонаш а, ас хьегна къа а, сийсара буса Цо
бехказваьккхина со».

## Якъубана а, Лабанна а юкъахь хилла барт

43 Лабана Якъубана жоп делира: «ХІара зударий
сан йоІарий бу, церан бераш а сан ду. Хьуна гуш
долу даьхни а, бахам а сан бу. Амма хІун дийр ду ас
сайн йоІаршна а, цара динчу берашна а? 44 Барт
бан беза вайшиммо, иза вайна юкъахь тоьшалла
хилла дІахІуттур бу».
45 Шайн хилла барт дагахь латто, схьа а эцна, цхьа
тІулг дІахІоттийра Якъуба. 46 Шен гергарчаьрга а
элира цо: «ТІулгаш гулде». Цара, тІулгаш а гулдина,
йоккха оьла йира. Юха цу оьланна улло хІума яа
охьахевшира уьш. 47 Лабана цу меттиган цІе ЕгІар-
СахІадута тиллира, ткъа Якъуба цунах ГалІад элира.
48 Лабана элира: «ХІара тІулгийн оьла тахана
вайшинна юкъахь болчу бертан теш ю». Цундела
аьлла цунах ГалІад (иза «тоьшаллин оьла» бохург
ду). 49 «Вай барт бинчул тІаьхьа дІасадевлча, Везачу
Эло терго йойла вайна тІехь», – элира Лабана.
Иштта цу меттигах МицІпа аьлла, цІе тиллира цо
(иза «терго» бохург ду). 50 «Нагахь санна хьо сан
йоІаршца вон хилахь я ахь царна тІе зударий
балабахь, вайна юкъахь цхьа а вацахь а, хаалахь:
Дела Теш ву хьуна а, суна а юкъахь». 51 Кхин а
элира Лабана Якъубе: «ХІара тІулгийн оьла а, хІара
боккха тІулг а бу ас вайшинна юкъахь хІоттийна.
52 И тІулгийн оьла а, и боккха тІулг а тоьшалла ду со
оцу тІулгел дехьа – хьан агІор вериг ца хилар хьуна
зен дан. Хьо а вер вац цу тІулгел сехьа суна зен
дан. 53 ИбрахІиман а, Нахьиран а, церан ден а Дала
кхел йойла вайна».
Шен дас Исхьакха ма-аллара, Кхерамечу Делах
чІагІо йира Якъуба. 54 Цу лам тІехь сагІа а
даьккхина, массо а гергара стаг хІума яа кхайкхира
цо. Кхачанах а кхетта, цигахь буьйса яьккхира
цара. 55 Іуьйранна хьалххе йоІарийн берашна а,
йоІаршна а барташ а даьхна, уьш декъал а бина,
цІа вахара Лабан.

## Якъуб Іесавана дуьхьал воьду

32 Шен некъ кхидІа а бечу Якъубана дуьхьал
Делан маликаш кхийтира. 2 Уьш гича, Якъуба
элира: «ХІара Делан тоба ю!» Цо и маликаш гинчу
меттиган цІе Махьанайм тиллира (иза «ши тоба»
бохург ду).
3 СеІир цІе йолчу махкара Эдом олучу меттехь
Іаш волчу шен веше Іесаве хаам бан нах
бахийтира Якъуба. 4 Цо элира цаьрга: «Сан эле
Іесаве иштта ала: „Хьан ялхочо Якъуба боху: ‘Со
Лабан волчохь хІара де тІекхаччалц Іийна. 5 Сан
стерчий а, хьелий а, варраш а, уьстагІий а, гезарий
а, ялхой а, гІарбашаш а бу. ХІара кхаъ боуьйту ас
хьан къинхетаме сатесна’“».
6 Геланчаша, юха а баьхкина, элира Якъубе: «Хьан
ваша Іесав волчохь хилира тхо, иза хІинца хьуна
дуьхьал вогІуш ву, шеца виъ бІе стаг а валош».
7 Воьхна а, кхеравелла а хьаьвзинчу Якъуба шеца
болу нах а, даьхни а шина тобане дийкъира. 8 Цо
ойла йира: «Нагахь Іесав цхьана тобанна тІелатахь,
важа, кІелхьара а яьлла, дийна юьсур ю». 9 Якъуба
элира: «Сан деден ИбрахІиман а, сан ден
Исхьакхан а Дела, Веза Эла, Ахь элира соьга:
„Хьайн лаьтта тІе, гергара нах болчу юхаверза, Ас
дика ваха хаор ву хьо“. 10 Со хьакъ вац Хьан соьга
хедар боцучу безамна а, тешамна а. Со Йордан-хих
дехьаваьлча, сан карахь цхьа гІаж бен хІумма а
яцара, ткъа хІинца сан шина тобане бекъна бахам
бу. 11 Доьху Хьоьга, сан вешех Іесавах со ларвехьа,
хІунда аьлча со кхоьру, ван а веана, иза суна а,
зударшна а, берашна а тІелатарх. 12 †Ахь аьлла ма
ду: „Ас хьан аьтто бийр бу, хІордан гІум санна, ягар
ца яллал тІаьхье а кхиор ю“».
13 Якъуба цигахь буьйса яьккхира, шен долчух
вешина Іесавана совгІат а кечдира цо: 14 ши бІе
газа а, ткъа бож а, ши бІе уьстагІ а, ткъа ка а, 15 ткъе
итт стен эмкал а, шайн бокъашца, шовзткъа етт а,
итт бугІа а, ткъа виркхел а, итт вир а. 16 И даьхни
тобанашка а декъна, ялхошка дІа а делла, цо
элира: «Сол хьалха дІагІо, даьхнина юкъахь меттиг
а юьтуш». 17 Хьалха воьдучу ялхочуьнга Якъуба
элира: «Сан ваша Іесав дуьхьал а кхетта, цо хьайга
хаттахь: „Хьо хьенан ву? Стенга воьду? ХІара
хьенан даьхни ду ахь дуьгург?“, 18 ахь ала: „Хьан
ялхочун Якъубан даьхни ду. Хьуна совгІатана
доуьйтуш ду хІара, иза ша а ву тхуна тІаьххье
схьавогІуш“».
19 Иштта шолгІачу ялхочунна а, кхозлагІчунна а,
даьхнина тІаьхьа богІучу вукхарна а хьийхира цо
ала дезарг: «Аша а иштта ала Іесаве, иза шайна
дуьхьалкхетча. 20 Кхин тІе а тоха: „Хьан ялхо Якъуб
тхуна тІаьхьа вогІуш ву“, – алий». Якъуба ойла
йора: «Ас дог кІаддийр ду цуьнан, сайл хьалха хІара
совгІаташ а дахьийтина. Юха, тхойша
вовшахкхетча, цо со тІеэца мега». 21 Иштта

† 32:12 *Доладалар 22:17.*

совгIаташ хьалха дIа а дахьийтина, шаьш севцначу
меттехь буьйса йоккхуш Iийра Якъуб.

### Якъуб Делах латар

[22] Цу буссехь шен ши зуда а, ши ялхо-зуда а,
цхьайтта кIант а эцна, Ябокх цIе йолчу хин гечох
дехьавелира Якъуб. [23] Доьзал а, шен бахам а хил
дехьа баьккхира цо. [24] †Якъуб ша висинчу хенахь
сахиллалц цхьаъ лийтира цунах. [25] Шега Якъуб эша
ца велча, цу стага, кхуьнан хенах чIогIа куьг а
тоьхна, иза чуьрадаьккхира. [26] Юха цо элира:
«ДIахеца со, арахь серлайолуш ю».
Амма Якъуба элира: «Ахь со декъалваллалц
дIахоьцур вац».
[27] Стага хаьттира: «Хьан цIе хIун ю?»
«Якъуб», элира Якъуба.
[28] ††ТIаккха стага элира: «ХIинца дуьйна хьан цIе
Якъуб хир яц, Исраил ‡ хир ю, хIунда аьлча хьо,
Делах а, нахах а летта, кIел ца висира».
[29] ‡†Якъуба элира: «Доьху хьоьга, хьайн цIе
йийцахь суна».
Амма стага хаьттира: «Сан цIе хIунда хоьтту ахь?»
Цо Якъуб декъалвира. [30] Якъуба цу меттиган цIе
Пенуал (иза «Делан юьхь» бохург ду) тиллира. Цо
элира: «Кху меттехь Делаца юьхь-дуьхьал а
нисвелла, дийна висна со».
[31] Малх цунна тIехула хьалагIаьттира, иза, астагIа
а лелхаш, Пенуалехула чекхволуш. [32] Цундела ца
юу исраилхоша ха долчуьра хьорзам, хIунда аьлча
Дала Якъубан цу меттигах куьг тоьхна дела.

### Якъуббий, Iесаввий вовшахкхетар

33 ДIахьаьжначу Якъубана гира, шеца виъ бIе
стаг а валош, вогIу Iесав. Леиний, Рахьалний,
шина ялхочунний юкъахь бераш дIасадийкъира
Якъуба. [2] Ялхой-зударий а, церан бераш а хьалха
хIиттийра цо, Леа а, цуьнан бераш а царна тIехьа
хIиттийра, ткъа Рахьал а, Юсуп а массарна а тIехьа
даьккхира. [3] Хьалхаваьлла дIа а волавелла, шен
вешина тIекхочуш, ворхIазза лаьтта тIекхаччалц
охьатаьIира иза. [4] Амма Iесав, Якъубана дуьхьал а
ведда, иза мара а воьллина, барташ даха
хIоьттира. И шиъ вилхира. [5] Зударий а, бераш а
гина, Iесава хаьттира: «ХIорш муьлш бу хьоьца
берш?»
Якъуба элира: «Дела соьца дика а хилла, Цо хьан
ялхочунна делла бераш ду уьш».
[6] Ялхой, шайн берашца тIебаьхкина, охьатаьIира
Iесавана хьалха. [7] Юха Леа а, цуьнан бераш а
тIедаьхкина охьатаьIира. Массарал тIаьхьа
тIедеана Юсуп а, Рахьал а охьатаьIира. [8] Iесава
хаьттира Якъубе: «И дерриг а даьхни суна дуьхьал
хIунда даийтира ахь?»
«Хьо резаван лаьара суна, сан эла», – аьлла, жоп
делира Якъуба. [9] Iесава элира: «Сан дерриг а долуш
ду, сан ваша. Хьайниг хьайна дита».
[10] «ХIан-хIа, ас доьху хьоьга! – элира Якъуба. –
Нагахь хьо суна резавелахь, дIаэцахьа соьгара
совгIат. Хьан юьхь гар – Делан юьхь гар санна ду,
сел дика со тIеийци ахь. [11] Доьху хьоьга, дIаэца
соьгара и совгIаташ, хIунда аьлча, Дела соьца дика
а хилла, оьшург дерриг а сан долуш ду».
Якъуба чIогIа дехарна Iесава схьаийцира цуьнан
совгIаташ. [12] Юха Iесава элира: «ХIинца дIагIур ду
вай, со хьуна уллохь хир ву».
[13] Амма Якъуба элира: «Хьуна гуш ду бераш
гIелделла хилар, цул сов, уьстагIий а, хьелий а
къона а, оза дезаш а ду сан. Нагахь цхьана дийнахь
а лаьллина дигахь, даьхни хIаллакьхир ду. [14] Хьо
хьалха дIагIо, со хьуна тIаьхьье дIавогIур ву, сих а
ца луш, даьхни а, бераш а схьадахкадаларе
хьаьжжина. ТIаккха сан эла волчу, СеIир-махка,
кхочур ву со».
[15] Iесава элира: «Пурба ло суна хьайца масех сайн
стаг вита».
«Иза оьшуш дац, – элира Якъуба. – Хьо соьца дика
хилар гичхьана тоьур ду суна».
[16] Iесав оццу дийнахь СеIир-махка юхавахара,
[17] ткъа Якъуб Сакхат цIе йолчу метте вахара (иза
«кхалораш» бохург ду). Цигахь чохь Iан цIа а,
бежанашна кIел хIитта кхалораш а йира цо.
Цундела аьлла цу меттигах Сакхат.
[18] Падан-Арамера араваьллачхьана дуьйна, кхин
хьовзам боцуш КанаIан-махкарчу Шехем-гIала
схьакхечира Якъуб. ГIалина хьалха арахь сецира
иза. [19] ‡‡БIе дато ахча а делла, Шехеман дегара,
Хьамуран доьзалера латта ийцира Якъуба. Цу тIехь
шен четар дIахIоттийра цо. [20] Цигахь сагIа доккху
меттиг а кечйина, цу меттигах «Эл» цIе йолу
Исраилан Дела аьлла, цIе тиллира цо.

### Якъубан йоI Дина а, Шехем-гIалара бахархой а

34 Якъубана Леас йина йоI Дина яхара
меттигера зударий болчу. [2] Цу мехкан
куьйгалхочун хьаьвихочун Хьамуран кIантана
Шехемна гира иза. Цо, схьа а лаьцна, хьийзийра
йоI. [3] Дина даггара езаелла, цуьнца эсала къамел
дира цо. [4] Шен дега Хьамуре элира Шехема: «И йоI
суна ялаехьа».
[5] Якъубана хиира шен йоI Дина хьийзийнийла,
амма цуьнан кIентий даьхни дажош арахь бара,
цундела хIумма а ца олуш Iара иза уьш цIа
бахккалц. [6] Шехеман да Хьамур веара Якъубца
къамел дан. [7] Хилларг шайна хиъча, Якъубан
кIентий сихха арара цIа баьхкира. Уьш чIогIа
оьгIазбахана бара, хIунда аьлча Исраилан
тIаьхьенна юкъахь чIогIа эхье гIуллакх дара
Шехема динарг, Якъубан йоI а хьийзийна, ткъа и
саннарг могуьйтийла дацара. [8] Хьамура элира
цаьрга: «Даггара шун йоI езаелла сан кIантана.

† *32:24-26 ХIушаI 12:3, 4.* †† *32:28 Доладалар 35:10.* ‡ *Исраил *– иза «Делах латар» бохучух тера ду.** ‡† *32:29 Куьйгалхой 13:17, 18.*

‡‡ *33:19 Яхьъя 4:5.*

Доьху шуьга, иза цуьнга маре яийтахьара аш.
9 Тхоьца захалонаш леладе: шайн йоIарий тхоьга а
бахкийта, тхайнаш шайна а бига. 10 Тхуна юккъехь
даха ховша – латта шуна хьалха ду. Цу тIехь Iан а
Iе, мах а бе, хьал а гулде».
11 Шехема элира Динин дега а, вежаршка а: «Шу
сайца дика хилийта хIуъа а дийр дара ас, аш
боххург лур а дара ас шуна. 12 Нускалх муьлхха а
там а, совгIаташ а деха, ас дIалур ду шуна, аша иза
сайга яийтачхьана».
13 Шайн йишин Динин сий дайина дела, Якъубан
кIентийн ойла хилира Шехем а, цуьнан да Хьамур а
леван. 14 Цара элира: «И дойла яц тхан: сунтвазчу
стаге тхайн йиша яхийтар эхье ду тхуна. 15 Тхо
резахир ду, нагахь аш цхьа хIума дахь: шаьш сунт а
дина, тхо санна шу хилахь. 16 ТIаккха оха шуьга
тхайн йоIарий а лур бу, шуниш а балор бу. Шуна
юкъахь даха а хевшина, шуьца цхьа къам а хилла
Iийр ду тхо. 17 Амма шу сунтдан реза ца хилахь,
тхайн йиша схьа а эцна, тхо дIагIур ду».
18 Цу къамелана резахилира Хьамур а, цуьнан
кIант Шехем а. 19 Жимачу стага кхин хан ца
йолуьйтуш кхочушдира цара аьлларг, хIунда аьлча
Якъубан йоI долаяккха лаьара цунна, ткъа Шехем
шен ден хIусамехь уггар лоруш верг вара.
20 Хьамур а, цуьнан кIант Шехем а, адам гуллучу
метте, шайн гIалин кевне а веана, нахе
вистхилира. 21 «И нах вайца дика бу, – элира цара. –
Вайн лаьтта тIехь Iойла уьш, мах а беш – кху лаьтта
тIехь царна тоъал меттиг ю. Вай церан йоIарий
балор бу, ткъа цара вайнаш буьгур бу. 22 Цхьа
халкъ а хилла, вайца Iан реза бу уьш, цхьа хIума
дича: нагахь вайн божарий, церанаш санна,
сунтбина хилахь. 23 Церан жаш а, бахам а, дерриг а
даьхни а вайн хир дац тIаккха? Резахила деза вай,
тIаккха уьш вайна юкъахь баха ховшур бу».
24 ГIалин кевне гулбелларш Хьамура а, цуьнан
кIанта Шехема а бохучунна резахилира. ГIалин
кевнах арабевлла берриг а божарий сунтбира.
25 КхозлагIчу дийнахь, уьш массо а лазаро хьийзош
Iоххучу хенахь, гIалара нах шаьш кхерамехь бац
моьттуш бара. Ткъа Якъубан ши кIант – ШимIа а,
Леви а, Динин вежарий, тарраш а эцна, гIалина
тIелетира. Цара массо а божарий хIаллакбира.
26 Тур тоьхна Хьамур а, цуьнан кIант Шехем а
вийна, церан цIа чуьра Дина схьа а эцна, дIабахара
уьш. 27 Байина нах болчу чу а оьхуш, Якъубан
кIенташа гIали чуьра хIума дIадаьхьира, шайн
йиша цигахь хьийзийна дела. 28 Цара жаш а, бажа
а, варраш а дIадигира, гIалахь а, арахь а дерг
дIадаьхьира. 29 ГIалин бахархойн хьал а, бераш а,
зударий а, цIенош чохь дерг а схьаийцира Якъубан
кIенташа.
30 ТIаккха Якъуба элира ШимIе а, Левига а: «Аш
суна тIе бохам баийтина, кху лаьтта тIехь Iаш болчу
канаIанхошна а, перезахошна а со бIаьрга ван
везар вац. Вай дукха дац, нагахь уьш, вовшах а
кхетта, суна тIелатахь, цара со а, вай массо а
хIаллаквийр ву».
31 Амма цара жоп делира: «Цу стагана, нахаца
лела зуда санна, хета мегар ду ткъа тхан йиша?»

### Якъуб Бетала юхавогIу

35 †Дала элира Якъубе: «Бетал цIе йолчу
меттиге хьала а валий, хьайн вешех Iесавах
хьо ведда вогIучу хенахь хьуна Ша гайтина волчу
Далла лерина сагIа доккху меттиг кечъе цигахь».
2 Шен доьзале а, шеца болчаьрга а Якъуба элира:
«ДIаккхийса шайгахь болу хийра *цIуш*, цIан а лой,
тIера бедар а хийца. 3 Цул тIаьхьа новкъа довла
кечло, вай Бетала гIур ду. Халачу дийнахь сан
доIина жоп а делла, со миччанхьа а вахача, соьца
хилла волчу Далла лерина сагIа доккху меттиг
кечйийр ю ас цигахь».
4 Шайгахь болу хийра *цIуш* а, лергара чIагарш а
Якъубе дIаелира цара. Цо уьш Шехем-гIали уллохь
ножан дитта кIел лаьттах дIайоьххира.
5 Юха уьш новкъа бевлира. Дала кхерам тесира
царна гонах йолчу гIаланашкарчу нахана тIе,
цундела зуламна Якъубан берашна тIаьхьа цхьа а
ца велира. 6 Якъуб а, цуьнца берш а КанаIан-
махкахь йолчу Луз цIе йолчу меттиге (хIинца Бетал)
баьхкира. 7 Цигахь цо Беталахь волчу Далла
лерина сагIа доккху меттиг кечйира, хIунда аьлча
кхузахь Дала Ша вовзийтира цунна, хIара шен
вешех ведда воьдучу хенахь. 8 Ребикха кхаьбна
йолу Дебира елча, иза Бетална лахо лаьттачу
ножана кIел дIайоьллира. Цундела тиллина цу
меттиган цIе Iалун Бахут (иза «делхаран наж»
бохург ду).
9 Якъуб Падан-Арамера юхавеача, Дала, кхин
цкъа а Ша гайтина, декъалвира иза. 10 ††Дала элира
цуьнга:
«Хьан цIе Якъуб ю,
амма хIинца дуьйна хьох кхин Якъуб эр дац:
хьан цIе Исраил хир ю».
Иштта Дала цуьнан цIе Исраил тиллира. 11 ‡Дала
элира:
«Со Нуьцкъала Дела ву.
Алссам доьзалхой а хуьлуш, деба.
Халкъ а, халкъийн доьзал а,
паччахьаш а схьабевр бу хьох.
12 ИбрахIимна а, Исхьакхана а делла латта
хьуна дIало Ас,
хьан тIаьхьенна а дIалур ду Ас иза».
13 ТIаккха цуьнца къамел дечу меттера дIавахара
Дела. 14 ‡†Якъуба Дала шеца къамел динчу метте
боккха тIулг хIоттийра. Цу тIе Далла лерина чагIар
а, даьтта а доьттира цо. 15 Дала шеца къамел динчу
меттиган цIе юха а Бетал тиллира Якъуба.

† *35:1 Доладалар 28:11-17.* †† *35:10 Доладалар 32:28.* ‡ *35:11, 12 Доладалар 17:4-8.* ‡† *35:14, 15 Доладалар 28:18, 19.*

### Рахьал а, Исхьакх а кхалхар

16 Беталара дІа а бахана, Эпрати-гІалина уьш гена
боцучу хенахь Рахьал беро хьовзийра. 17 ЧІогІа
холчохь йолуш, бала хьоьгура цо. Бер схьаоьцуш
йолчу зудчо элира: «Кхера ма кхера, хьан кхин цхьа
кІант хир ву». 18 Шен са дІадалале Рахьала кІентан
цІе Бен-Они тиллира (иза «сан баланийн кІант»
бохург ду), амма дас Бен-Яман элира цунах (иза
«сан аьтто куьйган кІант» бохург ду). 19 Рахьал
кхелхира. Эпрати-гІала (я Байтлахам) боьдучу
новкъахь дІайоьллира иза. 20 Цуьнан коша тІехь
чуртана тІулг хІоттийра Якъуба. И тІулг хІинца а
Рахьалан коша тІехь лаьтташ бу. 21 Шен некъ
кхидІа а бина, Мигдал Іедар олучу меттехь четар
хІоттийра Исраила. 22 †Исраил цу меттехь Іаш
волуш, Раабан шен ден ялхочуьнца Балхьатца
дІавижира. Исраилна хиира иза.
Якъубан шийтта кІант вара. 23 Леас бина кІентий:
Якъубан дуьххьарлераниг – Раабан, юха ШимІа,
Леви, ЯхІуд, Иссархан, Забул.
24 Рахьала бина кІентий:
Юсуп а, Бен-Яман а.
25 Рахьалан ялхочо Балхьата бина кІентий:
Дан а, Наптал а.
26 Леин ялхочо Залпаа бина кІентий:
Гада а, Ашар а.
Уьш Якъубана Падан-Арамехь бина кІентий бара.
27 ††Кхиръят-АрбаІ (хІинца Хьеврон) уллохь йолу
Мамари цІе йолчу меттехь Іачу шен дена
Исхьакхана тІевахара Якъуб. Цигахь цхьана хенахь
тІевеана Іийнера ИбрахІим а, Исхьакх а.
28 Исхьакхан бІе дезткъа шо дара. 29 Дуьнен чохь
дуккха а хан яькххина, кхелхича, шен дайх
дІакхийтира Исхьакх. Цуьнан кІенташа Іесава а,
Якъуба а дІавоьллира иза.

### Іесаван тІаьхье
(1 Шерашкахь 1:34-37)

36 Іесаван (я кхечу тайпана аьлча Эдоман)
тІаьхье хІара ю. 2 ‡КанаІан-махкара зударий
балийра Іесава: Іада а, АхІлибам а, Басамат а. Іада
яра хьетахочун Эйлонан йоІ. АхІлибам яра Іанин
йоІ а, хьаьвихочун ЦІибІонан кІентан йоІ а. 3 ‡†Ткъа
Басамат яра ИсмаьІалан йоІ а, Набуятин йиша а.
4 Іадас Іесавана Элипаз вира, Басамата РаІал вира.
5 АхІлибама ЕІуш а, ЯІлам а, Кхорахь а вира.
КанаІан-махкахь Іесавана бина кІентий бара уьш.
6 Шен зударий а, кІентий а, йоІарий а, цІахь болу
ялхой а, даьхни а, КанаІанахь гулбина бахам а
эцна, шен ваша Якъуб волчуьра кхечу метте
дІавахара Іесав. 7 Цу шиннан дуккха а хьал а,
даьхни а дара. Уьш тІебаьхкина Іаш болчу лаьтта
тІехь дІатарвала а, ваха а царна хала дара. 8 Иштта,
дІавахна, СеІир-махкахь ваха хиира Іесав (я Эдом).
9 СеІир-лаьмнашкахь Іийначу эдомхойн ден
Іесаван тІаьхье хІара ю. 10 Іесаван кІентийн цІераш
яра:
Іесаван зудчун Іадин кІант Элипаз а, Іесаван
зудчун Басаматан кІант РаІал а.
11 Элипазан кІентий: Теман, Омар, Цепа, ГаІтам,
Кхеназ. 12 Іесаван кІентан Элипазан ТамнаІ цІе
йолуш ялхо яра. Цо Элипазана Іамалекх вира. Уьш
Іесаван зудчун Іадин берийн бераш дара.
13 РаІалан кІентий бара Нахьати, Зерахь, Шама,
Миза. Уьш Іесаван зудчун Басаматан берийн
бераш дара.
14 Іесаван зудчо, Іанин йоІа, ЦІибІонан кІентан
йоІа АхІлибама Іесавана бина кІентий бара ЕІуш,
ЯІлам, Кхуорахь.
15 Іесаван тІаьхьенах баьччанаш бара хІорш:
Іесаван дуьххьарлерачу кІентан Элипазан
кІентий: баьччанаш Теман, Омар, Цепа, Кхеназ,
16 Кхуорахь, ГаІтам, Іамалекх. Уьш Эдомехь
Элипазах схьабевлла баьччанаш бара. Иштта Іадин
берийн бераш а дара уьш.
17 Іесаван кІентан РаІалан кІентий бара:
баьччанаш Нахьати, Зерахь, Шама, Миза. Уьш
Эдомехь РаІалах схьабевлла баьччанаш бара.
Иштта Іесаван зудчун Басаматан берийн бераш а
дара уьш.
18 Іесаван зудчун АхІлибаман кІентий: баьччанаш
ЕІуш, ЯІлам, Кхуорахь. Іесаван зудчо, Іанин йоІа
АхІлибама, бина баьччанаш бара уьш.
19 Уьш Іесаван (Эдоман) кІентий а, церан
баьччанаш а бара.

### Эдомехь Іийначу СеІиран тІаьхье
(1 Шерашкахь 1:38-42)

20 Іесав вале Эдомехь Іийнера хьорихо СеІир.
Цуьнан бара кІентий: Лутани, Шубали, ЦІибІон,
Іана, 21 Дишон, Эцар, Дишан. Эдомехь болу СеІиран
и кІентий хьорихойн баьччанаш бара.
22 Лутанин кІентий: Хьори а, ХІейма а. ТамнаІ
Лутанин йиша яра.
23 Шубалин кІентий: Іалван, Манахьат, Іейбал,
Шапи, Онам.
24 ЦІибІонан кІентий: АяхІу, Іана. Шен ден
ЦІибІонан варраш яжош, яьссачу арахь довха хи
карийна Іана вара иза.
25 Іанин бераш: Дишон а, Іанин йоІ АхІлибам а.
26 Дишонан кІентий: Хьемдан, Эшбан, Итран,
Керан.
27 Эцаран кІентий: БилхІан, ЗаІван, Іакхан.
28 Дишанан кІентий: ІуцІа, Арани.
29 Хьорихойн баьччанаш бара Лутани, Шубали,
ЦІибІон, Іана, 30 Дишон, Эцар, Дишан. Уьш СеІир-
махкахь шайн-шайн тобанашкахь хьорихойн
баьччанаш бара.

† *35:22 Доладалар 49:4.* †† *35:27 Доладалар 13:18.* ‡ *36:2 Доладалар 26:34.* ‡† *36:3 Доладалар 28:9.*

### Эдом-мехкан паччахьаш
(1 Шерашкахь 1:43-54)

31 Исраилан махкахь паччахьаш хилале Эдомехь
хIара паччахьаш бара:
32 БеIаран кIант БулаI. Цуьнан гIалин цIе ДинхIаба
яра.
33 БулаI велча, цуьнан метта Бацар-гIаларчу
Зерахьан кIант Ябаб паччахь хилира.
34 Ябаб велча, цуьнан метта теманхойн махкара
Хьушам паччахь хилира.
35 Хьушам велча, цуьнан метта Бедадан кIант
ХIадад паччахь хилира. Муаби-махкахь
маданхошна тIехь толам баьккхина вара иза.
Цуьнан гIалин цIе Iавит яра.
36 ХIадад велча, цуьнан метта Масрекха-гIалара
Самла паччахь хилира.
37 Самла велча, цуьнан метта хина йистера
Рехьабат-гIалара Шаул паччахь хилира.
38 Шаул велча, цуьнан метта Iахбаран кIант БаIал-
Хьанан паччахь хилира.
39 Iахбаран кIант БаIал-Хьанан велча, цуьнан
метта ХIадад паччахь хилира. Цуьнан гIалин цIе
ПаIу яра. Мезахьабан йоIан Матарадан йоI Ма-
ХIайтIабал яра цуьнан зуда.
40 ХIорш ю Iесаван тIаьхьенах болчу баьччанийн
цIераш, церан тайпанашка а, лаьттанашка а
хьаьжжина: ТамнаI, Iаьлви, Етат, 41 АхIлибам, Эла,
Пинан, 42 Кхеназ, Теман, Мубацар, 43 Магдаал,
Iирам.
Эдомхойн ден Iесавах схьабевлла баьччанаш
бара уьш. Шайн долахь долчу лаьтта тIехь шайн-
шайн тайпанашца Iаш бара уьш.

### Юсупан гIенаш

37 Якъуб шен да ваьхначу КанаIан-махкахь Iаш
вара.
2 ХIара ду Якъубан тIаьхьенах хилларг.
ВуьрхIитта шо долу Юсуп шен вежаршца ден
уьстагIий а, гезарий а яжош вара. Цуьнца хуьлуш
болу цуьнан вежарий Якъубан шиннан зудчун
Балхьатан а, Залпаан а кIентий бара. Юсупа шен
вежарша дина вон хIума дега дIадуьйцура.
3 Исраил (я Якъуб) воккха стаг волчу хенахь дуьнен
чу ваьлла вара Юсуп, цундела вукху кIентел
дукхавезара цунна иза. Цо Юсупна хаза кечдина
духар делира. 4 Шайл а алсам дена дукхавезийла
хиъча, вежаршна Юсуп ца вийзира, цуьнца
бертахь къамел дан а ца лаьара царна. 5 Цкъа
Юсупна гIан гира. Цо иза вежаршна дийцира,
царна Юсуп кхин а чIогIа ца вийзира. 6 Цо элира
цаьрга: «ЛадогIийша, суна хIун гIан гина. 7 Вай кха
тIехь цIевнаш доьхкуш дара. ЦIеххьана сан цIов,
айа а белла, дIанисбелира, шун цIевнаш, цунна
гонах а хIиттина, цунна охьатаьIира».
8 Вежарша элира цуьнга: «Хьо паччахь а хилла,
тхуна тIехь куьйгалла деш хир ву моьтту хьуна?»
Цуьнан гIан а, иза дийцар а бахьана долуш кхин а
чIогIа ца вийзира царна иза.
9 Кхин цхьа гIан а гира Юсупна, иза а вежаршна
дийцира цо: «ЛадогIийша, кхин цхьа гIан а гира
суна: хIинца суна хьалха охьатаьIаш малх а, бутт а,
цхьайтта седа а бара».
10 Вежаршна дийцина ца Iаш, дена а дийцира цо
и гIан. Дас бехк баьккхира цуьнга: «И хIун гIан ду
хьуна гинарг? Со а, хьан нана а, хьан вежарий а,
дахка а даьхкина, хьуна хьалха охьатаьIар ду
ткъа?»
11 †Вежарий хьоьгура цунах, амма дас дагахь
латтадора и хилларг.

### Вежарша Юсуп вухку

12 Шайн ден жаш дажо Шехем олучу метте бахара
вежарий. 13 Исраила элира Юсупе: «Шехемна
уллохь жа дажош бу хьан вежарий, хьо царна
тIевахийта воллу со».
«Со кийча ву», – жоп делира Юсупа.
14 Дас элира цуьнга: «Ваха а гIой, хьажа хьайн
вежарий хIун деш бу а, жа муха ду а, юха а волий,
суна жоп а да цунах лаций».
Хьеврон-тогIи чуьра Шехеме вахийтира цо Юсуп.
15 Цигахь тила а велла, арахула иза лелачу хенахь
цунна дуьхьалкхийтира цхьа некъахо. Цо хаьттира
Юсупе: «Ахь хIун лоьху?» – аьлла.
16 Юсупа элира: «Ас сайн вежарий лоьху. Алахьа
соьга, мичахь бу уьш шайн жаш дажош?»
17 «Уьш кхузара дIабахна, – жоп делира цу
некъахочо. – Суна хезира цара олуш: „Дотане гIур
ду вай“».
ТIаьхьаваханчу Юсупна шен вежарий Дотан
олучу гIалина уллохь карийра. 18 Геннахь Юсуп
тIевогIуш а гина, шайна и тIеккхачале вежарша барт
бира иза вен. 19 «Хьуьлла вогIу хIара гIенаш гуш
верг! – элира цара. – 20 Вен а вийна, гIуна чу кхосса
веза вай иза, цIахь иза экхано виъна эр ду вай.
ТIаккха хуур ду вайна цуьнан гIенех хIун хуьлу».
21 И къамел хезча, Юсуп кIелхьарваккха луучу
Раабана элира: «ХIан-хIа, иза вуьйр вац вай».
22 Кхин а элира цо: «ЦIий ма Iанаделаш. Яьссачу
арара оцу гIуна чу кхосса иза, амма цунна тIе куьг
ма айа». Царах иза кIелхьара а ваьккхина, да волчу
дIавахийта лууш вара Раабан. 23 Юсуп вежаршна
тIевеача, цунна тIера еза, хаза кечйина бедарш
схьаехира цара. 24 Юха чохь хи доцучу, яьссачу
гIуна чу кхоьссира иза вежарша. 25 ХIума яа
охьахевшича, царна гира ГалIад цIе йолчу меттера
эмкалийн къепалца богIу ИсмаьIалан тIаьхьенах
болу нах. Хаза хьожа йогIучу бецех а, зезагех дина
тайп-тайпана хьакхарех а эмкалш а йоьттина,
Мисар-махка боьлхура уьш. 26 ЯхIуда элира
вежаршка: «Вайна хIун пайда бу, ваша вен а вийна,
цунах дерг лачкъийна Iийча? 27 Цул а оцу нахана
дIавухкур ву вай иза, цунна тIе куьг айа а дезар дац
– вайн ваша ма ву иза».

† *37:11 Векалийн 7:9.*

Вежарий резахилира цо аьллачунна.
28 †ИсмаьӀалан тӀаьхьенах болу и маданхойн
совдегарш тӀехбовлучу хенахь вежарша Юсуп,
гӀуна чуьра хьала а ваьккхина, ткъа детин ахчанах
царна воьхкира. Цу наха иза Мисара дӀавигира.
29 Раабанна ца хаьара хилларг. ГӀуна тӀе вахача,
цигахь Юсуп а ца гина, холчу хӀоьттина, шена тӀера
хӀуманаш этӀийра цо. 30 Юха а веана, цо элира
вежаршка: «КӀант цигахь вац! Со хӀинца дена
хьалха муха гӀур ву?»
31 ТӀаккха цара, бож а йийна, цуьнан цӀий
хьаьккхира Юсупан куча тӀе. 32 Юха, и коч шайн
дена тӀе а яьхьна, цара элира: «ХӀара карийна
тхуна. Хьажахь, хьан кӀентан юй хӀара?»
33 Коч евзинчу дас элира: «ХӀара сан кӀентан коч
ю! Иза экхано виъна! Юсуп цистина дӀаваьккхина».
34 Шена тӀера бедарш а этӀийна, Ӏаьржа духар а
дуьйхина, дуккха а деношкахь кӀантах белхар дира
Якъуба. 35 Массо а цуьнан кӀентий а, йоӀарий а иза
теван гӀертара, амма иза тен дагахь вацара: «Сайн
кӀантана сагатдеш, эхарта дӀагӀур ву со», – бохура
цо. КхидӀа а белхар дира дас.
36 Ткъа цу хенахь маданхоша Мисар-махкахь
пирӀунан гӀаролан хьаькам волчу Патипарна
воьхкира Юсуп.

### ЯхӀуд а, Тамара а.

38 Цу хенахь шен вежарий болчуьра дӀа а
вахана, Ӏадулам олучу меттера волу Хьира цӀе
йолу стаг волчохь Ӏаш вара ЯхӀуд. 2 Цигахь ЯхӀудана
ШуӀа цӀе йолчу канаӀанхочун йоӀ евзира. Яла а
йина, цунах кхийтира иза. 3 Зудчо кӀант вича,
цуьнан цӀе Ӏаьр тиллира. 4 Юха а доьзалхочух а
хилла, кӀант вира ЯхӀудан зудчо. КӀентан цӀе Онан
тиллира цо. 5 Кезаб олучу меттехь шена кхин цхьа
кӀант а вича, цуьнан цӀе Шейла тиллира цо.
6 Шен дуьххьарлерачу кӀантана Ӏаьрана Тамара
цӀе йолуш зуда ялийра ЯхӀуда. 7 Амма Шена хьалха
Ӏаьр къиношца Ӏарна, Везачу Эло са ийцира
цуьнан. 8 ТӀаккха ЯхӀуда элира Онане: «Хьайн
вешех йисинчуьнца дӀа а вижна, марвешин декхар
кхочушдан деза ахь вешин тӀаьхье хилийта».
9 Амма Онанна хаьара оцу тӀаьхьенан да ша хир
воций, цундела хӀоразза а вешин зудчуьнца
дӀавижча, бер ца хуьлу агӀо лелайора цо. 10 Везачу
Элана хьалха къилахь дара Онана лелош дерг,
цундела Цо цуьнан а са дӀаийцира. 11 ТӀаккха оцу
шинна хилларг жимаха волчу кӀантана Шейлана
хиларна кхоьруш, ЯхӀуда элира шен несе Тамаре:
«Сан кӀант Шейла воккха хиллалц, хьайн да волчу
дӀа а гӀой, йисина Ӏаш йолу зуда Ӏа ма-еззара Ӏе».
Тамара шен ден цӀа дӀаяхара. 12 Дикка хан яьлча,
ЯхӀудан зуда, ШуӀин йоӀ, елира. Шен са тийначул
тӀаьхьа ЯхӀуд шен уьстагӀий лоргуш болу нах болчу
Тамне вахара. Ӏадулам-гӀалара цуьнан доттагӀа
Хьира а вахара цуьнца. 13 Тамаре элира: «Хьан
марда Тамне уьстагӀий ларга воьдуш ву». 14 Йисина
Ӏачу зудчун духар дӀа а даьккхина, юьхь
къайлайоккхуш тӀе хӀума а кхоьллина, Тамне
боьдучу новкъахь йолчу Ӏенаим-гӀалех чувулучу
меттехь охьахиира иза. Цунна гора, Шейла воккха
хиллехь а, ша цуьнга маре дӀа ца ялар. 15 Тамара
шена гича, цуьнан юьхь дӀакъевлина хиларна
цунах нахаца лела зуда таръелира ЯхӀудана.
16 Зудчунна тӀе а вахана, цо элира: «Ялохьа, хьайца
дӀавижийтахьа со». Цунна ца хаьара иза шен нус
юйла.
Зудчо хаьттира: «Ахь хӀун лур ю суна хьо сайца
дӀавуьжуьйтург?»
17 ЯхӀуда жоп делира: «Ас сайн жена юкъара
буьхьиг йоуьйтур ю хьуна».
Зудчо юха а хаьттира: «Закъалтана хӀума лур юй
ахь, буьхьиг схьаяийтталц?»
18 ЯхӀуда хаьттира: «ХӀун закъалт ло хьуна?»
Зудчо жоп делира: «Хьан мухӀар а, цу тӀера
тӀийриг а, хьан карара Ӏаса а оьшу суна».
Цо йоьхург дӀа а елла, цуьнца дӀавижира ЯхӀуд.
Тамара доьзалхочух хилира цунах. 19 Цигара дӀа а
яхана, ша тӀеоьхкина хӀуманаш дӀа а яьхна, йисина
Ӏачу зудчун духар тӀедуьйхира цо.
20 Цу хенахь ЯхӀуда шен доттагӀа Ӏадуламхо Хьира
вахийтира, буьхьиг а эцна, ша закъалтана елла
хӀуманаш цу зудчуьнгара схьаэца. Амма
доттагӀчунна и зуда ца карийра. 21 Цо хаьттира
цигарчу нахе: «Ӏенаим уллохула болучу некъан
йистехь Ӏийна, *цӀуйн* дуьхьа нахаца лелаш йолу еза
зуда †† мичахь ю?» – аьлла.
Цара жоп делира: «Кхузахь-м ца хилла цхьа а
цӀуйн дуьхьа нахаца лела еза зуда».
22 ЯхӀуд волчу юха а веана, Хьирас элира: «Суна
иза ца карий, цигарчу наха: „Кхузахь-м яц цхьа а
цӀуйн дуьхьа нахаца лела еза зуда“, – боху».
23 ЯхӀуда элира: «Делахь шегахь йисинарг шена
юьтур цо, вайх нах белийта ца лаьа суна. Ас цунна
буьхьиг яхьийтира, амма хьуна и зуда ца карийна».
24 Кхо бутт баьлча, ЯхӀуде элира: «Нахаца а лелла,
доьзалхочух хилла хьан нус Тамара!»
ЯхӀуда элира: «Ара а яккхий, ягае иза!»
25 Амма ша дӀаюьгучу хенахь мардена тӀе стаг
вахийтира Тамарас: «ХӀара хӀуманаш йолчу стагах
доьзалхочух ю со. ДӀахьажал, хьенан ду хаьий
хьуна хӀара мухӀар а, тӀийриг а, Ӏаса а», – аьлла.
26 ЯхӀудана евзира и хӀуманаш, цо элира: «Сан
болчул а бехк бац цуьнан, хӀунда аьлча ас сайн
кӀанте Шейле иза дӀа ца елира». Кхин цуьнца дӀа ца
вижира ЯхӀуд.
27 Доьзалхо хуьлу хан тӀекхаьчча, Тамарин
кийрахь шала бераш дуйла хиира. 28 Бер хуьлучу
хенахь хьалхарчу доьзалхочун куьг гучудаьлча,
бер схьаоьцучу зудчо, цуьнан куьйгах цӀен тай а
дихкина, элира: «ХӀара хьалхара ву». 29 Амма кӀанта

† *37:28 Векалийн 7:9.*

†† *ЦӀуйн дуьхьа нахаца лелаш йолу еза зуда *– и санна йолчу зудчуьнца лелар цӀунна гӀуллакх дар лорура. КанаӀанхошна гергахь иза наха лоруш зуда яра. Цундела ЯхӀуда цунах «еза» олу.**

куьг юха а даькккхина, хьалха цуьнан ваша велира
дуьнен чу. Бер схьаоьцучу зудчо элира: «Хьо муха
чекхвели, Парас?!» Цу кІентан цІе Парас тиллира
(иза «чекхвалар» бохург ду). 30 Юха куьйга тІехь
цІен тай дерг а велира гучу. Цуьнан цІе Зерахь
тиллира (иза «сатасар» бохучух тера ду).

### Юсуп а, Патипаран зуда а

39 ИсмаьІалан тІаьхьенах болчу совдегарша
Мисар-махка валийра Юсуп. ПирІунан
гІаролан хьаькам а волуш, цунна уллорчех цхьаъ
волчу мисархочо Патипара ийцира иза цаьргара.
2 †Веза Эла вара Юсупца, цуьнан дика аьтто хилира.
Хьолахо волчу мисархочун хІусамехь вехаш вара
иза. 3 Цуьнан хІусаман дена гора Веза Эла Юсупца
хилар а, цо дечу гІуллакхаш тІехь гІо деш Иза
хилар а. 4 Патипар реза вара Юсупна. Цунах
хьалхара ялхо вира цо, цІа а, берриг бахам а Юсупе
лело дІа а белла. 5 ХІусамдас Юсуп куьйгалла дан
хІоттийчхьана дуьйна, Везачу Эло декъалйира
мисархочун хІусам Юсупан дуьхьа. Везачу Элан
беркат доьссира Патипаран долахь долчунна
дерригенна а тІе: цІенна а, ареннаа а. 6 Цундела цо
Юсупах тешна дитинера доллу хІума а. Юсуп
бахьана долуш цхьана а хІуманна гІайгІа яцара
цунна, ша юучун бен.
Юсуп куц долуш а, хаза а вара. 7 Дукха хан ялале
хІусамден зуда кхуьнга хьежа елира. Цо элира
Юсупе, шеца дІавижа аьлла. 8 Амма Юсуп реза ца
хилира, цо бохура: «Со волчохь сан эло цхьана а
цІа чохь йолчу хІуманна гІайгІа бан ца оьшу, шен
долахь дерг дерриг а сох тешна дитина цо. 9 Кху цІа
чохь со коьртаниг ву. Сан эло оьшург дерриг а луш
ду суна, цхьа хьо йоцург, хІунда аьлча хьо цуьнан
зуда ю. Ас муха бийр бу вон болх, Далла хьалха къа
муха латор ду?»
10 ХІора дийнахь цу зудчо доьххушехь, цуьнца
дІавижа а, хила а реза ца хуьлура иза. 11 Цкъа
цІеранаш чохь боцучу хенахь, цхьа гІуллакх а
хилла, чувеара Юсуп. 12 Цуьнан бедар схьа а
лаьцна, зудчо элира: «ДІавижа соьца!» Амма
тІехулара бедар зудчун карахь а юьсуш, ведда
араиккхира Юсуп. 13 Шегахь бедар а йитина, иза
дІаведдийла а гина, 14 зудчо, ялхой схьа а
кхайкхина, элира: «Хьовсийша, хІара Іебархо вайн
цІа чу валийна, ткъа хІара вай сийсаздеш ву! Кху чу
а веана, соьца дІавижа гІерташ вара иза, амма со
мохь хьекха хІоьттича, 15 шен бедар соьгахь а
йитина, веди иза».
16 Юсупан тІеюху хІума шегахь йитира зудчо,
хІусамда цІа валлалц. 17 Цунна а изза дийцира цо:
«Ахь валийна Іебархойн лай со йолчу а веана, со
хьийзо гІерташ вара, 18 амма ас мохь хьаькхча, шен
бедар соьгахь а йитина, ведира иза». 19 «Хьан лай
сан сий дайа гІоьрти!» – бохура зудчо.
Цо дуьйцучуьнга ла а доьгІна, чІогІа оьгІазвахара
Патипар. 20 Схьа а лаьцна, паччахьан тутмакхаш
болчу набахти чу воьллира цо Юсуп.
Иштта набахти чу кхечира иза. 21 ††Амма цигахь а
Веза Эла вара цуьнца. Гуттар а кхуьнан дола деш
Ша хиларна, набахтин коьртачу хьаькамана хІара
дикачу агІор гайтира Везачу Эло. 22 Набахтин
коьртачу хьаькамо массо а тутмакхашна тІехь
куьйгалла дан а, набахтехь долчу хьолах жоп дала
а хІоттийра Юсуп. 23 Цунна ша тІедиллинчу
гІуллакхна сагатдан ца оьшура набахтин коьртачу
хьаькамо, хІунда аьлча, Юсупан массо а хІуманна
тІехь аьтто беш, Веза Эла вара цуьнца.

### ЧагІардуттург а, бепигдоттург а

40 Дукха хан ялале Мисаран паччахьан ши
ялхо, чагІардуттург а, бепигдоттург а, шайн
элана, Мисар-мехкан паччахьна хьалха бехке
хиллера. 2 ПирІун оьгІазвахнера шен коьртачу
чагІардуттучунна а, коьртачу бепигдоттучунна а.
3 Цо и шиъ Юсуп чувоьллина волчу, цуьнан элан
Патипаран цІенца йолчу набахти чу воллийтира.
4 Набахтин коьртачу хьаькамо уьш Юсупе
дІабелира. Юсуп церан гІуллакхе хьожуш вара.
Чувоьллинчул тІаьхьа жимма хан яьлча, цу шина
ялхочунна 5 цхьана буса гІан гира. ХІора гІенан
шен маьІна дара. 6 ШолгІачу Іуьйранна уьш болчу
веача, Юсупна гира и шиъ гІайгІане воьжна.
7 Шеца шен хІусамден цІа чохь чубоьхкинчу
пирІунна уллорчу элашка хаьттира цо: «Тахана сел
гІайгІане хІунда ву шуьшиъ?»
8 «Тхойшинне а гІан гина, – жоп делира цара, –
ткъа цунах дерг кхето стаг вац».
Юсупа элира цаьрга: «Кхетор Делера дац ткъа?
Дийцал суна шайн гІенаш».
9 Коьртачу чагІардуттучо дийцира Юсупна шен
гІан: «Суна гІенах кемсийн таьлланг гира. 10 Цу
тІехь кхо га дара. Таьлланго заза даьккхира, юха
зазанах цу сохьта кемсийн хорханаш хилира. 11 Сан
карахь пирІунан кад бара. Ас, кемсаш а яьхна, кеда
чу мутт а даьккхина, пирІуне кад дІабелира».
12 «Цуьнан маьІна иштта ду, – элира цуьнга
Юсупа. – Кхо га – иза кхо де ду. 13 Кхо де даьлча,
пирІуно хьо лаккха айина, хьалха хиллачу метте
дІахІоттор ву. Ахьа, хьалха ма-баллара, пирІуне кад
дІалур бу. 14 Амма ас доьху хьоьга, хьайна дика хан
тІееача, со дага а ваийтий, суна дика болх
хилийтархьама пирІуне со хьахавелахь, набахти
чуьра араваккха алий. 15 Іебархойн махкара
нуьцкъах схьавалийна со, кхузахь а набахти
чуволлал хІума а ца даьлла соьгара».
16 Юсупа динчу маьІнина реза а хилла, коьртачу
бепигдоттучо элира цуьнга: «Суна а гира гІан: ас
коьрта тІехь латтош кхо тускар дара, чохь бепиг а
долуш. 17 Лакхарчу тускар чохь пирІунна деттина
бепиг дара, амма иза олхазарша, зІакарш а етташ,
дууш дара».

† 39:2 *Векалийн 7:9.*

†† 39:21: *Векалийн 7:10.*

[18] «Цуьнан маьIна иштта ду, – элира Юсупа. Кхо
тускар – иза кхо де ду. [19] Кхо де даьлча, хьо а
пирIуно лаккха хьалаойур ву – хьокханна тIе а
хаийна, ткъа олхазарша хьан дегIах зIакарш еттар
ю». [20] Кхо де даьлча, пирIунан вина де дара. Цо той
хIоттийра шена уллорчарна. Уьш гонах а болуш,
пирIуно лаккха хьалаайира коьрта чагIардуттург а,
коьрта бепигдоттург а. [21] Коьрта чагIардуттург шен
хьалхалерчу метте дIахIоттийра цо, вукхо юха а
пирIунан кара кад белира. [22] Ткъа коьрта
бепигдоттург хьалаоьллира, Юсупа маьIна деш ма-
аллара. [23] Амма коьртачу чагIардуттучунна Юсуп
дага ца веара, цунна иза вицвеллера.

### ПирIунан гIенаш

41 Дийнна ши шо чекхдаьлча, пирIунна гIан
гира: ша Нил цIе йолчу хина йистехь
латтташ, [2] хи чуьра берстана а, хаза а ворхI етт,
хьала а баьлла, эрзашкахь бажа хIоьттира. [3] Царна
тIаьхьхье кхин ворхI етт схьабелира Нил чуьра. И
бежанаш гIийла а, ирча а дара. Берда тIехь
вукхарна юххе дIахIиттира уьш. [4] ГIийлачу
бежанаша дерстанаш диира. Эццахь пирIун
самавелира.
[5] Юха иза дIавижча, кхин гIан гира цунна: цхьана
гIода тIехь буьззина а, хаза а ворхI кан бара. [6] Юха
царна тIаьхьхье хьалабелира кхин ворхI кан. Уьш
гIийла а, малхбалерчу мохо багийна а бара.
[7] ГIийлачу кенаша дуьззина долу кенаш дIадиира.
Самаваьллачу пирIунна иза гIан дуйла хиира.
[8] †Iуьйранна синтем байна вара иза. Мисар-
махкара массо а бозбунча а, хьекъал долу стаг а
схьа а кхайкхина, царна шен гIенаш дийцира цо.
Амма цхьанна а церан маьIна дан ца хиира.
[9] ТIаккха коьртачу чагIардуттучо элира пирIуне:
«ХIинца суна дагадеа со бехке хилар. [10] Цхьана
хенахь пирIун оьгIазвахнера шен ялхошна. Со а,
коьрта бепигдоттург а пирIунан гIаролан
хьаькаман цIенца йолчу набахти чу воллийтира.
[11] Суна а, сан накъостана а набахтехь цхьана буса
гIан гира. ХIора гIан шен маьIна долуш дара.
[12] Тхоьца чувоьллина гIаролан хьаькаман ялхо
волу къона Iебархо вара. Оха цунна тхешан гIенаш
дийцира, цо церан маьIна дира. [13] Цо ма-дийццара
нисделира дерриг а: со сайн балха схьавеара,
соьца чувоьллина хилларг хьалаоьллира».
[14] ПирIуно Юсупна тIаьхьа нах бахийтира, цара
иза сихонца набахтера схьавалийра. Маж а яьшна,
тIе цIена хIума а юьйхина, пирIунна тIевахара
Юсуп.
[15] ПирIуно элира Юсупе: «Суна гIан гина, амма
цхьаьнгге а цуьнан маьIна ца дало. Суна хезнера
хьох лаьцна, хьо гIенех дерг девзаш а, церан
маьIна дан хууш а ву бохуш».
[16] Юсупа жоп делира: «Соьга далалур дац, Дала
лур ду пирIунна дика жоп».

[17] ПирIуно дийцира Юсупна: «Суна гIенах со
Нилан берда тIехь лаьтташ гира. [18] ЦIеххьана, хи
чуьра хьала а баьлла, хаза а, берстана а ворхI етт
эрзашкахь бажа хIоьттира. [19] Царна тIаьхьхье цкъа а
суна Мисар-махкахь гина боцу, чIогIа ирча а, оза а
ворхI етт хьалабелира. [20] Хьалха хьаладевлла, хаза
а, нисделла а бежанаш цу гIийлачу, ирчачу
бежанаша диира. [21] Амма цаьрга хьаьжча, цхьаммо
а эр дацара цара уьш диъна: шаьш хьалха ма-
дарра ирча дара и бежанаш. Эццахь со
самавелира.
[22] Юха суна гIенах цхьана гIад тIехь хьалабаьлла
хаза а, буьззина а ворхI кан гира. [23] Царна тIаьхьхье
хьалабелира бекъа а, гIийла а, малхбалерчу мохо
чахчийна а ворхI кан. [24] ГIийлачу кенаша дуьззина
дерш дIадиира.
Ас бозбунчашка дийцира иза, амма цхьанна а
маьIна дан ца хиира цуьнан».
[25] Юсупа элира пирIуне: «И ший а гIан цхьана
хIуманах лаьцна ду. Дала хьуна схьадиллина Ша
дан воллург. [26] ВорхI дика етт а, ворхI дика кан а –
иза ворхI шо ду. И ший а гIан цхьаннах лаьцна ду.
[27] Ткъа вукхарал тIаьхьа хьалабаьлла болу ворхI
гIийла а, ирча а етт а, ворхI гIийла а, малхбалерчу
мохо чахчийна кан а – иза ворхI шо ду. Мацалла
хIоьттина ворхI шо. [28] Дала пирIунна Ша дан
воллург схьадиллина аьлла, ас бохург хIара дара.
[29] Мисар-махкахь шорто йолуш, токхе ворхI шо
тIекхочуш ду. [30] Юха тIедогIу ворхI шо мацалла
йолуш хир ду. Шорто хилла хилар дицлур ду –
мацалло дерриг а латта дассор ду. [31] Шорто йицлур
ю цунна тIаьхьхье йогIун йолу мацалла бахьана
долуш, хIунда аьлча мацалла луьра хир ю.
[32] ПирIунна гIан шозза гаран маьIна ду Делан
сацам хилла чекхбалар а, Цо иза кестта
кхочушбийриг хилар а.
[33] ХIума хууш а, хьекъал долу а стаг а лехна,
Мисар-махкахь куьйгалла дан иза хIотто веза ахь.
[34] Шорто йолчу ворхI шарахь Мисар-махкахь
кхиъначу ялтин пхоьалгIа дакъа схьагулдеш, нах
арабаха беза. [35] Оцу дикачу шерашкахь цара ялта
гул а деш, пирIунан омрица гIаланашкахь кIа
Iалашдан деза. [36] Гулдина ялта дIадиллина хир ду,
мацалла тIееанчу ворхI шарахь Мисар-махкара
адам хIаллак ца хилийта».

### Юсуп Мисар-мехкан куьйгалхо хуьлу

[37] ПирIуно а, цунна гонах болчу элаша а, реза а
хилла, тIетодира Юсупа аьлларг. [38] Шен элашка
пирIуно хаьттира: «ХIара стаг санна верг вайна
кхин мила кирор ву, шена чохь Делан Са а долуш?»
[39] ТIаккха пирIуно Юсупе элира: «Дала и дерриг а
хьуна схьадиллина хилча, хьол хьекъал долуш а,
хIуманах кхеташ а стаг вац. [40] ††Ас сайн цIенна тIехь
куьйгалла дан хIоттаво хьо, дерриг а сан халкъ
хьан омранаш кхочушдеш хир ду. Паччахьан
дарже хьаьжна бен, со хьол лакхара хир вац».

† 41:8 *Даниал 2:2, 27.*

†† 41:40 *Векалийн 7:10.*

41 ПирӀуно элира Юсупе: «Хьажалахь, ас берриг а
Мисар-махка тӀехь куьйгалла дан хӀоттаво хьо».
42 †Цо шен пӀелга тӀера схьадаькккхина мухӀар
Юсупан пӀелга тӀе доьллира, дуткъачу кӀадинах
дина духар цунна тӀе а дуьйхина, цуьнан коча дашо
зӀе оьллира. 43 Шен шолгӀа гӀудалкха чохь лелаве
иза аьлла, омра дира пирӀуно. Юсупна хьалха
боьлхучу ялхоша, цунна некъ бита бохуш,
маьхьарий деттара. Иштта пирӀуно Мисар-махка
тӀехь куьйгалхо хӀоттийра Юсуп. 44 ПирӀуно элира
Юсупе: «Со пирӀун ву, амма берриг а Мисар-
махкахь хьан бакъо йоцуш цхьа а меттахвала а
ваьхьар вац».
45 Цо Юсупна керла цӀе елира – Цапнат-ПаӀнахь
аьлла. Ана цӀе йолчу гӀалин *динан да* волчу
ПатипараӀан йоӀ Аснат ялийра пирӀуно Юсупна.
Иштта Юсуп берриг а Мисар-махкана тӀехь урхалла
деш хилира. 46 Юсупан ткъе итт шо дара, Мисаран
паччахьна гӀуллакх дан иза вахача. ПирӀун
волчуьра араваьлла, берриг а Мисар-махкахула
чекхвелира иза. 47 Шорто йолчу ворхӀ шарахь
лаьтто дуккха а ялта делира. 48 Оцу ворхӀ шарахь
кхиъна ялта, гул а деш, гӀаланашкахь охьадуьллура
Юсупа. Луларчу аренашкахь кхиъна ялта хӀора
гӀалахь охьадуьллура цо. 49 ХӀордан гӀум санна,
дукха дара Юсупа гулдина кӀа. Цо иза, дагар а ца
деш, дитира, хӀунда аьлча дагар ца даллал иза
дукха хиларна.
50 Мацалла хӀутту шераш тӀекхачале Ана цӀе йолчу
гӀалин динан ден ПатипараӀан йоӀа Асната ши
кӀант вира Юсупна. 51 Дуьххьарлерачу кӀентан цӀе
Маннаш тиллира Юсупа (иза «диццдайтар» бохучух
тера ду). Цо бохура: «Дала сайна хилла халонаш а,
ден цӀа а диццдайтина соьга». 52 ШолгӀачу кӀентан
цӀе Эпрам тиллира цо (иза «дебийтар» бохург ду).
Юсупа бохура: «Ас бала хьегначу махкахь Дала
дебийтина со».
53 Мисарахь шорто йолу ворхӀ шо чекхделира.
54 ††Юсупа ма-аллара, мацалла еана ворхӀ шо
дӀадоладелира. Вукху мехкашкахь а яра мацалла,
Мисарахь бен яа хӀума яцара. 55 ‡Амма ерриг а
Мисарахь мацалла хӀоьттича, адам пирӀунна
тӀедахара ялта доьхуш. Цо элира мисархошка:
«Юсупна тӀе а гӀой, цо бохург де».
56 Берриг а махкахь мацалла яра. Юсупа
мисархошна кӀа доьхкира, иза дӀадиллина
меттигаш схьа а йиллина, хӀунда аьлча Мисарахь
чӀогӀа мацалла хӀоьттинера. 57 Гонах болчу массо а
махкара нах Мисара Юсупера кӀа эца богӀура,
хӀунда аьлча массанхьа а луьра мацалла яра.

## Юсупан вежарий Мисар-махка боьлху

42 Мисарахь кӀа дуйла шена хиъча, Якъуба
элира шен кӀенташка: «Шу вовшашка
хьоьжуш хӀунда Ӏа? 2 ‡†Суна хезна, Мисар-махкахь
кӀа ду бохуш. Даха а гӀой, цигара иза эца, вай
мацалла ца далийта».
3 Юсупан итт ваша Мисара вахара кӀа эца.
4 Якъуба Юсупан нанас вина ваша Бен-Яман цӀахь
витира. Цунна цхьа вон болх хиларна кхоьрура
иза. 5 Иштта Исраилан кӀентий дуккха а кхечу
нахана юкъахь кӀа эца баьхкира, хӀунда аьлча
КанаӀан-махкахь мацалла яра. 6 Мисар-махкахь
куьйгалхо Юсуп вара. Махкахь дерриг а халкъана
кӀа духкуш вара иза. ДӀакхаьчна вежарий, лаьтта
охьакхаччалц Юсупна хьалха охьатаьӀира.
7 Вежарий ма-гинна, уьш бевзира Юсупна, амма
шена уьш ца бевзашха цаьрца буьрсо къамел дира
цо. «Шу мичара даьхкина?» – хаьттира цо.
«КанаӀан-махкара даьхкина тхо ялта эца», –
аьлла, жоп делира цара. 8 Юсупна шен вежарий
бевзинехь а, царна иза ца вевзира. 9 ‡‡Царах долу
шен гӀенаш дага а даьхкина, Юсупа элира: «Шу
ямартхой ду! Тхан пачхьалкхан ледара агӀонаш хаа
а, долчун терго ян а даьхкина шу!»
10 «ХӀан-хӀан, эла, – жоп делира вежарша. – Хьан
ялхой долу тхо ялта эца даьхкина. 11 Тхо дерриш а
цхьана ден кӀентий ду. Хьан ялхой цӀена нах бу,
ямартхой бац».
12 Юсупа юха а элира: «ХӀан-хӀан, шу тхан махкахь
ледара хӀума хӀун ду хьажа даьхкина».
13 Амма цара жоп делира: «ХӀан-хӀан, тхан
доьзалехь шийтта ваша вара, КанаӀан-махкахь Ӏаш
волчу цхьана дех схьаваьлла. Жимаха верг хӀинца
деца ву, ткъа цхьаъ кхелхина».
14 Юсупа элира цаьрга: «Ас аьллий, шу ямартхой
ду! 15 Шу бакъ ду я дац иштта къастор ду ас: дийна
волчу пирӀунах дуй буу ас, шу кхузара дӀагӀур ма
дац, шун жимаха волу ваша кхуза схьаваллалц.
16 Цхьаъ вешина тӀаьхьа вахийта, вуьш набахти
чохь Ӏийр бу. ТӀаккха хуур ду суна, аш дуьйцург
бакъ ду я дац. Нагахь даций, дийна волчу пирӀунах
дуй буу ас, шу ямартхой ду аьлла!»
17 Вежарий кхаа денна чубохкийтира цо.
18 КхозлагӀчу дийнахь Юсупа элира цаьрга: «Ас
бохург дахь, дийна дуьсур ду шу, хӀунда аьлча со
Делах кхоьру. 19 Нагахь шу цӀена нах делахь, шух
цхьаъ набахти чохь саца веза, ткъа вуьш мацалла
ловш болчу шайн доьзалшна кӀа дӀаэцна баха беза.
20 Амма шайн жимаха волу ваша схьавало веза аш,
шаьш дуьйцург бакъ дуй хаийтархьама а, дийна
дисархьама а». Иштта дан а дира цара. 21 Вежарша
элира вовшашка: «Дала билггал до вайна таӀзар
вешина дуьхьал латийна къа бахьанехь. Вайна
гора Юсуп холчохь хилар цо вайга дехар дечу
хенахь, амма вай цуьнга ла ца дуьйгӀира. ХӀинца
вайна бохам хилла».
22 ‡‡†Раабана элира: «Ас баьхнера шуьга – кӀант
бахьана долуш шайх къа ма латаде, амма аш ла ца
дуьйгӀира! ХӀинца цунна тӀехула вайна бекхам
хуьлуш бу».

† *41:42 Даниал 5:29.* †† *41:54 Векалийн 7:11.* ‡ *41:55 Яхьъя 2:5.* ‡† *42:2 Векалийн 7:12.*

‡‡ *42:9 Доладалар 37:5-10.* ‡‡† *42:22 Доладалар 37:21, 22.*

23 Царна дагахь а дацара Юсуп шайх кхеташ
хилар, хIунда аьлча цо цаьрца къамел
гочдархочуьнгахула дора. 24 Иза, дIа а вирзина,
вилхира, юха, схьа а вирзина, цаьрца къамел дан
хIоьттира. Царах ШимIа, схьа а къастийна, церан
бIаьргашна хьалха дIавихкира цо. 25 Церан
тIоьрмигаш чу кIа а дилла, хIораннан ахча а цигга
чудилла, некъана оьшург а ло аьлла, омра дира
Юсупа. Дерриг а цо ма-аллара кхочушдира. 26 КIа
варраш тIе а диллина, новкъа бевлира уьш.
27 Буьйса яккха севцича, вежарех цхьаммо галин
бертиг яьстира вирана хIоъ бала дагахь. Цунна
гали чохь шен детин ахча карийра. 28 «Сан дети
юхадеана! – элира цо вежаршка. – ХIара ду и, сан
гали чохь».
Кхерабелла, дегнаш схьалелха а дохкуш, бегош
вовшашка а хьоьжуш, бохура цара: «ХIара хIун ду
Дала вайна динарг?»
29 Шайн да Якъуб волчу КанаIане юха а баьхкина,
шайца хилларг дерриг а дийцира цара: 30 «Цигарчу
махкахь куьйгалхо волчу стага, буьрса къамел а
дина, тхоьга элира: „Ямартло ян даьхкина шу!“
31 Амма оха жоп делира цуьнга: „Тхо цIена нах ду,
ямартлонна даьхкина дац. 32 Тхо шийтта ваша вара,
цхьана ден кIентий. Цхьаъ воцуш ву, жимаха верг
деца КанаIан-махкахь ву хIинца“. 33 ТIаккха цу
мехкан куьйгалхочо элира тхоьга: „Шу цIена нах ду
я дац иштта хуур ду суна: шайн цхьа ваша кхузахь а
витий, мацалла ловш болчу доьзалшна ялта схьа а
эций, шайн новкъа дIагIо. 34 Со волчу шайн жимаха
волу ваша валаве, тIаккха хуур суна шу цIена нах
дуйла. Цул тIаьхьа ас шун ваша дIа а лур ву, кху
махкахь мах а лелабойтур бу“».
35 Галеш дIасадохуш, хIоранна а дети чохь долу
шен бохча карийра. Дети а гина, церан да а, уьш а
кхерабелира. 36 Якъуба элира цаьрга: «Аш сайн
берех ваькхи со, Юсуп а вац, ШимIа а вац, ткъа
хIинца Бен-Яман а схьаэца гIерта шу. Дерриг а суна
дуьхьал даьлла!»
37 Раабана элира дега: «Нагахь ас Бен-Яман хьуна
юха ца валавахь, сан ши кIант вен мегар ду хьуна.
Соьга жоп далийтахь цунах, ас иза юхавалор ву
хьуна».
38 Амма Якъуба элира: «Сан кIант хьоьца цига гIур
вац, цуьнан ваша велла, иза ша висна. Нагахь
новкъахь цунна цхьаъ хилахь, соьга иза лан лур
дац, сингаттамехь болу сан къоьжа корта эхарте
кхочуьйтур бу аша».

### Вежарий шолгIа а Мисар-махка бахар

43 Луьра мацалла яра цу махкахь. 2 Мисарара
деана дерриг а кIа шаьш диъча, дас
кIенташка элира: «Даха а гIой, кхин а ялта эца
вайна».
3 Амма ЯхIуда элира цуьнга: «Цу стага тхоьга
буьрса схьахьедина: „Шуна сан юьхь гур яц, нагахь
шуьца схьавеана шун ваша ца хилахь“. 4 Нагахь ахь
тхоьца ваша ваийтахь, оха, дахана, хьуна юърг
оьцур ю. 5 Амма ахь иза ца ваийтахь, тхо гIур дац,
хIунда аьлча цу стага аьлла тхоьга: „Шуна сан юьхь
гур яц, шуьца шун ваша ца хилахь“».
6 «И бала хIунда беана аш суна тIе, шайн кхин
цхьа ваша ву а аьлла?» – хаьттира Исраила †.
7 Цара жоп делира: «Цу стага тхох а, вайн доьзалх
а лаьцна дерриг а хоьттура тхоьга: „Шун да хIинца
а дийна вуй? Кхин цхьа ваша вуй шун?“ Оха цуьнан
хаттаршна жоп лора. Хьанна хаьара, цо эр дуй:
„Схьавалаве кхуза шайн ваша“, – аьлла?»
8 ЯхIуда элира шен дега Исраиле: «Ахь кIант соьца
ваийтича, тхо оцу сохьта дIагIур дара, тхо а, вайн
бераш а лечуьра кIелхьардаха. 9 Ас жоп лур ду Бен-
Яманах, соьгара хоттур ахь цунах дерг. Нагахь
санна ас, схьа а валийна, кIант хьоьга дIа ца лахь,
хьуна хьалха со хир ву бехке велла дIаваллалц.
10 Вай сихо йина хиллехьара, тхо, шозза дIа а
дахана, юхадаьхкина хир дара».
11 ТIаккха церан дас Исраила элира: «Нагахь
гIуллакх иштта делахь, хIокху вайн лаьтто луш долу
тоьлла сурсаташ оцу стагана дIахьо: дарбане
хьакхар а, моз а, хаза хьожа йогIу бецаш а, деза
даьтта а, тайп-тайпана бIараш а. Царах шайн
некъан мохь кечбе. 12 ХIинца доьлхуш шозза сов
дато ахча хьо, хьалха шаьш цIа деанарг а юха
дIахьо: иза цхьана гIалатца галдаьлла хила мега.
13 Шайн ваша схьа а эций, сихонца цу стагана
тIегIо. 14 Нуьцкъалчу Дала гIо дойла шуна, мехкан
куьйгалхочунна хьалха шу хIиттича, шун вукху
вешина а, Бен-Яманна а шуьца цIа ван пурба лойла
Цо. Нагахь санна берех вала суна доьгIнехь, царах
волийла со».
15 СовгIаташ а, хьалхачул шозза сов дети а, Бен-
Яман а схьа а эцна, сиха Мисар-махка дIабахара
вежарий. Уьш, дIа а кхаьчна, Юсупна хьалха
хIиттира. 16 Цаьрца веана Бен-Яман гича, Юсупа
шен цIийнан куьйгалхочуьнга элира: «ХIара нах
сан цIа дIа а бигий, бежана а дей, яа хIума кечъе.
Делкъахенахь соьца хIума юур ю кхара». 17 Цу стага
шена тIедиллинарг кхочуш а дина, уьш Юсупан цIа
бигира.
18 Вежарий кхерабелира, шаьш цуьнан цIийне
балийча. Царна дагадеара: «Дуьххьара даьхкича,
вайн галеш чу дети кхачар бахьана долуш далийна
вай кхуза. ТIелетта, вай эша а дина, вайх леш а
бина, вайн варраш дIаяха гIерта и стаг». 19 ТIе а
бахана, Юсупан цIийнан куьйгалхочуьнга элира
цара хIусаман неIарехь: 20 «ЛадогIахь, эла! Тхо цкъа
даьхкинера кхуза ялта эца. 21 Амма буьйса яккха
севцначохь, оха галеш схьадаьстича, тхешан дато
ахча ма-дарра карийра тхуна. Цундела хIинца оха
иза юхадеана. 22 Кхин а деана оха ялта эца дети.
Тхуна ца хаьа тхешан галеш чу ахча хьан диллина».
23 Ялхочо жоп делира: «Шу кхера оьшуш хIумма а
дац. Шун а, шун ден а Дала делла шуна галеш чохь
карийна ахча, ткъа ас шуьгара дато ахча хьалха шу
даьхкича схьаийцира». Цул тIаьхьа цо уьш болчу

† *Исраила *– и ву Якъуб.**

ШимIа схьавалийра. 24 ЦIийнан куьйгалхочо
вежарий Юсупан цIа чу бигира. Царна когаш била
хи а, церан варрашна хIоъ а белира цо. 25 Юсуп
схьавале вежарша совгIаташ кечдира, хIунда аьлча
цаьрга аьллера, цигахь хIума юур ю аьлла. 26 Юсуп
цIа веача, совгIаташ дIа а делла, льтта кхаччалц
цунна хьалха охьатаьIира уьш. 27 Цаьрга маршалла
а хаьттина, Юсупа элира: «Аш хьалха соьга
вийцина шун къена да муха ву? Дийна вуй иза?»
28 Цара жоп делира: «Хьан ялхо, тхан да, дийна а,
могуш а ву». Юсупе болчу ларамна лохха
охьатаьIира уьш.
29 ДIасахьаьжначу цунна шен нанас вина ваша
Бен-Яман гира. Цо хаьттира: «ХIара аш вийцина,
шун жимаха волу ваша вуй? Делан дика болх
хуьлда хьуна, сан кIант». 30 Шен веше йолу марзо
лачкъорхьама, сихха ара а ваьлла, цхьа а воцучу
меттехь вилхира иза. 31 Юха шен юьхь а йилина,
схьавеана, собаре а хилла, цо элира: «Яа хIума
схьая!»
32 Цунна къастийна елира яа хIума, вежаршна а,
мисархошна а къастийна елира, хIунда аьлча
мисархошна хьарам хетара Iебархошца хIума яар.
33 Вежарий Юсупна дуьхьал ховшийнера, вокх-
воккханиг хьалха а хаош. Уьш, цец а бевлла,
хьоьжура вовшашка. 34 Юсупан стоьла тIера яа
хIума елира царна, Бен-Яманна луш ерг вукхарна
лучул пхоьазза сов яра. Юсупца самукъадаллалц
молуш Iийра уьш.

### Гали чохь карийна дато кад

44 Юсупа элира шен цIийнан куьйгалхочуьнга:
«Цу нехан галеш чу яхьа мел ло яа хIума а
йилла, церан дети юха галеш чу а дилла. 2 Сан дато
кад жимаха волчун гали чу билла цо кIенах дала
деанчу ахчанца цхьаьна». Цо ма-бохху гIуллакх
кхочушдира ялхочо. 3 Са ма-хилла, вежарий шайн
варрашца новкъа бехира. 4 Уьш гIалина гена ца
бевллера, Юсупа шен цIийнан куьйгалхочуьнга
аьлча: «Сихха оцу нахана тIаьхьа а гIой,
тIекхаьчча, ала цаьрга: „Шайна динчу диканна
дуьхьал вон хIунда дина аш? 5 Сан элан дато кад
хIунда лачкъийна аш? † Цо чуьра молуш а, пал
тосуш лелош а кад ма бу иза! Аш динарг вон хIума
ду!“»
6 ТIаьхьа а кхиъна, ялхочо элира цаьрга и
дешнаш. 7 Вежарша жоп делира: «Иштта хIунда
боху ахь? И санна долу хIума оха цкъа а дийр
дацара. 8 КанаIан-махкара дуьйна тхайн галеш
чохь карийна дети юхадеана оха. Хьан элан цIа
чуьра дети я деши оха хIунда лачкъор ду? 9 Нагахь
и кад цхьаннан гали чохь хьуна карабахь, и стаг
лийр ву, ткъа тхо хьан леш хир ду».
10 Ялхочо элира: «Дика ду, аш ма-бохху дийр ду
вай: цхьаьнгахь кад карабахь, иза сан лай хир ву,
ткъа биснарш маьрша хир бу». 11 Вежарша шайн
галеш, льтта охьа а дехкина, схьадаьстира.
12 Воккхачунна тIера жимачунна тIекхаччалц кад
лаха волавелира Юсупан цIийнан куьйгалхо. Кад
Бен-Яманан гали чохь карийра. 13 Холчу хIиттина,
шайна тIера хIуманаш этIийра вежарша. Юха,
шайн варраш тIе маххьаш а дехкина, гIала
юхабаьхкира уьш. 14 Юсупан цIа чу схьабаьхкира
ЯхIуд а, цуьнан вежарий а. Иза дIавахаза цIахь
вара. Цунна хьалха гораийгира уьш. 15 Юсупа элира
цаьрга: «И хIун ду аш динарг? Со санна волчу
стагана муьлхха а хIума, пал тесча, хуур дуй ца хаьа
шуна?»
16 ЯхIуда жоп делира: «Тхан ала хIума дац хьоьга,
эла. Тхайн бехк ца хилар муха хоуьйтур ду оха?
Далла хиъна, шен ялхойн бехк буйла. ХIинца тхо а,
кад шегахь карийнарг а хьан леш ду-кх, эла».
17 Юсупа элира: «И саннарг дийр дац ас! Шегахь
сан кад карийнарг хир ву сан лай, ткъа шу шайн да
волчу маьрша дIагIо».

### ЯхIуда вежарех лаьцна дехар до

18 ТIаккха ЯхIуда, тIе а вахана, элира цуьнга: «Сан
эла, доьху хьоьга цхьа дош алийтар. Хьо пирIуне
кхоччуш велахь а, хьайн ялхочунна оьгIаз ма
гIолахь. 19 Тхо хьалха кхузахь долуш ахьа хаьттира
тхоьга: „Шун да а, ваша а вуй?“ – аьлла. 20 Оха жоп
делира: „Къена да а ву, иза воккха волчу хенахь
хилла жима ваша а ву“, – аьлла. Тхан дена
къаьсттана дукхавеза и жимаха волу кIант. Цу
кIентан нанас вина ваша вала а велла, ша цхьаъ
висна иза. 21 ТIаккха ахьа элира тхоьга: „Схьавалаве
иза кхуза, со цуьнга хьажийта“. 22 Оха хьуна жоп
делира: „Да а витина вогIийла дац цу кIентан.
Нагахь иза вагIахь, да лийр ву“. 23 Амма ахьа тхоьга
элира: „Шун ваша шуьца кхуза схьаваллалц, шуна
сан юьхь гур яц“. 24 Тхайн да волчу а дахана, ахьа
аьлларг дIадийцира оха. 25 Дас элира тхоьга: „Юха а
гIой, жимма ялта эца“, – аьлла. 26 Амма оха жоп
делира: „Жимаха волу ваша а эцна бен гIойла дац
тхан цига. Цу стеган юьхь гойла хир дац, тхоьца
жимаха волу ваша ца хилахь“. 27 ТIаккха дас тхоьга
элира: „Шуна хаьа сан зудчо суна ши кIант
винийла. 28 Цу шиннах цхьаъ цIера ваьлча, ас
элира: ‘Иза акхароша цистина хир ву’, – цул тIаьхьа
суна иза ган а ца гира. 29 ХIинца аша важа а дIа а
вигна, цунна вон болх хилахь, соьга иза лалур дац.
Баланехь болу сан къоьжа корта эхарте кхочуьйтур
бу аша“. 30 И кIант къаьсттина дукхавезаш, цунна чу
са диллина ву тхан да. Цундела иза а воцуш тхо цIа
гIахь, 31 тхан дена иза тхоьца воцийла хаахь, иза
лийр ву. Хьан лейн бехкенна баланехь волчу тхан
ден къоьжа корта эхарте кхочур бу. 32 Ас дош
деллера цунна, кIант ларвийр ву аьлла. „Нагахь ас
хьуна иза схьа ца валавахь, велла дIаваллалц хьуна
хьалха бехке хир ву со, дада“, – аьлла ас. 33 Цундела
ас доьху хьоьга, эла, кIант вежаршца дIа а
вахийтий, цуьнан метта кхузахь хьайн лай со

† *Сан элан дато кад хIунда лачкъийна аш? *– и дешнаш цхьана ширачу гочдар чохь ду, амма Iебархойн маттахь уьш дац.**

витахь. 34 Со муха гIур ву дена хьалха, сайца кIант а
воцуш? Сайн дена хиндолчу вочунна теш хила ца
лаьа суна».

### Юсупа вежаршна ша вовзуьйту

45 †ТIаккха Юсупа, ялхой болчохь кхин са а ца
тохаделла, мохь туьйхира: «ДIадовла суна
гучуьра!» Царах цхьа а чохь вацара, Юсупа ша
вежаршна вовзийтича. 2 Иза чIогIа вилхира,
мисархошна а, пирIунан цIенна а хезара цуьнан
белхар. 3 Юсупа элира шен вежаршка: «Со Юсуп ву!
Дийна вуй сан да?» Амма инзарбевлла а,
кхерабелла а болчу вежаршка дуьхьал жоп ца
далалора. 4 ТIаккха Юсупа элира: «Суна
тIедуьйлийша». Уьш тIебаьхкича, цо элира: «Со
аша Мисар-махка воьхкина шун ваша Юсуп ву!
5 Амма дохий а ма хьийза, шайна оьгIаз а ма эха
шаьш со Мисар-махка вохкарна. Адамаш
кIелхьардахархьама, шул хьалха со кхачийтира
Дала кхуза. 6 Ши шо ду кху махкахь мацалла йолу,
кхин пхеа шарахь а хир дац ялта дуьйш а, дерзош
а. 7 Амма Дала ваийтина со шул хьалха, кху лаьтта
тIехь шун тIаьхье хилийта а, шун дахар инзаре
кIелхьардаккха а. 8 Аша ца ваийтина со кхуза, Дала
ваийтина. Цо сох пирIунан да вина, цуьнан цIийна
тIехь эла а, берриг а Мисар-махка тIехь куьйгалхо а
вина. 9 ††Сихо яй, сан дена тIе а кхачий, ала цуьнга:
„Хьан кIанта Юсупа хабар доуьйту хьоьга: ‘Дала со
Мисар-махкахь куьйгалхо вина. Со волчу схьавола,
хан ца йолуьйтуш. 10 ГIашан цIе йолчу меттехь Iийр
ву хьо, суна уллохь. Хьан бераш а, берийн бераш а,
берриг а бахам а, дерриг а даьхни а схьадаладе.
11 ГIашанехь хьо а, хьан доьзал а кхобур бу ас,
хIунда аьлча тIедогIуш мацаллин пхи шо ду. Иза ца
дахь, хьо а, хьан цIа а, хьан долахь дерг дерриг а
эшамехь хир ду’“. 12 Шуна а, сан вешина Бен-
Яманна а шайн бIаьргашна гуш ду шайца къамел
дийриг со хилар. 13 Сан дега со Мисар-махкахь
сийлахь хилар а, шайна кхузахь мел гинарг а
дийца. Иза сиха кхуза схьа а валаве».
14 Шен ваша Бен-Яман, мара а воьллина, вилхира
иза, Бен-Яман а вилхира цуьнца. 15 Массо а ваша
мара а вуллуш, царна барташ а дохуш, воьлхура
Юсуп. Цул тIаьхьа вежарша цуьнца къамел дира.
16 Юсупан вежарий баьхкина аьлла, хабар
пирIунна тIекхечира. ПирIун а, цунна уллорнаш а
хазахеташ бара. 17 ПирIуно Юсупе элира: «ДIаала
хьайн вежаршка, шайна оьшшучул даа хIума
КанаIан-махка дIа а хьо. 18 Шайн да а, доьзалш а
кхуза схьа а балабе. Ас Мисарахь тоьлла долу латта
лур ду шуна, цунах схьадаьллачух дехар ду шу,
алий». 19 Кхин а элира пирIуно: «Хьуна тIедуьллу ас,
Юсуп, хьайн вежаршка дIаалар: „Мисар-махкара
гIудалкхаш йига шайн бераш а, зударий а
схьабало, шайн да а валош, шаьш а схьадуьйла.
20 Шайн салпална са ма гатде, Мисарахь тоьлла
дерг шун хир ду“».

† *45:1 Векалийн 7:13.* †† *45:9-11 Векалийн 7:14.*

21 Исраилан кIенташа цо ма-бохху дира. ПирIуно
деллачу омрица Юсупа царна гIудалкхаш а,
некъана кхача а белира. 22 ХIоранна а керла духар
делира, ткъа Бен-Яманна кхо бIе *шекхал* дети а,
пхеа тайпана тIеюху хIуманаш а елира. 23 Юсупа
шен дена а дахьийтира совгIаташ: Мисар-махкара
тоьлла долу хIума тIехь долуш итт вир а яра, кIа а,
бепиг а, некъана лерина тайп-тайпана даарш тIехь
долуш итт виркхел а яра. 24 Цул тIаьхьа, вежарий
новкъа а баьхна, уьш дIабоьлхуш, цо элира:
«Новкъахь девнаш ма дахалаш!»
25 Мисарара ара а бевлла, шайн да Якъуб волчу
КанаIан-махка баьхкира уьш. 26 Цара элира цуьнга:
«Юсуп дийна ву! Юсуп берриг а Мисар-мехкан
куьйгалхо ву!» Якъуб хIун эр ду а ца хууш висира,
цкъа хьалха иза ца тийшира царах. 27 Амма Юсупа
даийтина хабар а хезча, цо шена яийтина
гIудалкхаш а гича, Якъубан дог хазахетта
тохаделира. 28 Исраила элира: «Тоьар ду! Сан кIант
Юсуп дийна ву. Со валале и ган гIур ву со».

### Якъуб Мисар-махка воьду

46 Исраил ‡, шен долахь дерг дерриг схьа а
эцна, новкъа велира. ВогIуш, Беар-ШабаIе
ша кхаьчча, шен ден Исхьакхан Далла лерина
сагIанаш дехира цо. 2 Буьйсанна самах веанчу Дала
Исраиле элира: «Якъуб!»
«Со кхузахь ву», – жоп делира Якъуба.
3 Дала элира: «Со Дела ву, хьан ден Дела. Кхера а
ца кхоьруш, Мисар-махка гIо, цигахь Ас хьох
доккха халкъ схьадолуьйтур ду. 4 Со хьоьца Мисар-
махка дIа а вогIур ву, цигара Ас хьо юха а валор ву.
Хьан ши бIаьрг Юсупа дIакъовлур бу».
5 Беар-ШабаIера кхин дIа а вахара Якъуб.
Исраилан кIенташа шайн да а, бераш а, зударий а
пирIуно яийтинчу гIудалкхаш чу ховшийра цига
дIабига. 6 ‡†КанаIан-махкахь гулдина даьхни а,
бахам а шайца схьаийцира цара. Шен ерриг а
тIаьхьенца Мисар-махка веара Якъуб. 7 Цо шеца
шен бераш а, берийн бераш а – ерриг а тIаьхье
дIайигира. 8 ХIорш ю Мисар-махка баьхкинчу
Исраилан кIентийн цIераш (Якъуб а, цуьнан
тIаьхье а):
Якъубан хьалхара кIант Раабан. 9 Раабанан
кIентий: Хьанах, Палу, Хьацрани, Карма.
10 ШимIин кIентий: Емуал, Ямин, АхIад, Якин,
ЦIохьар, канаIанхочо вина Шаул а.
11 Левин кIентий: ГIиршан, КхахIат, Мерари.
12 ЯхIудан кIентий: Iаьр, Онан, Шейла, Парас,
Зерахь. (Iаьр а, Онан а КанаIан-махкахь
кхелхинера). Парасан кIентий: Хьацрани, Хьамал.
13 Иссарханан кIентий: ТовлаI, Пува, Яшаб,
Шимрон.
14 Забулан кIентий: Серад, Элон, Яхьлаал.
15 Уьш Леас Якъубана Падан-Арамехь бина
кIентий бара. Цо йина Дина цIе йолуш йоI а яра.
Дерриг а кIант а, йоI а ткъе кхойтта дара.

‡ *Исраил *– и ву Якъуб.** ‡† *46:6 Векалийн 7:15.*

16 Гадин кIентий: Цепон, Хьаги, Шуни, Эцбон, Iера,
Ароди, Ариэли.
17 Ашаран кIентий: Имани, Ишва, Ишви, БериI.
Серахь цIе йолуш йиша а яра церан. БериIан
кIентий: Хьебар а, Малкиал а.
18 Лабана шен йоIана Леина еллачу ялхочо
Залпаа Якъубана дина бераш дара уьш, верриг а
ялхитта стаг.
19 Якъубан зудчо Рахьала бина кIентий бара: Юсуп
а, Бен-Яман а.
20 †Мисар-махкахь Ана цIе йолчу гIалин *динан да*
волчу ПатипараIан йоIа Асната Юсупна ши кIант
вира. Церан цIераш яра Маннаш а, Эпрам а.
21 Бен-Яманан кIентий бара: БулаI, Бахри, Ашбели,
Гери, НаIаман, Аьхьи, Рош, Мупим, Хьупим, Арди.
22 Рахьала Якъубана бина кIентий бара уьш,
верриг а вейтта стаг.
23 Данан кIант вара: Хьушим.
24 Напталан кIентий: Яхьциал, Гуни, Йицар,
Шилам.
25 Лабана шен йоIана Рахьална еллачу ялхочо
Балхьата бина кIентий бара уьш, верриг а ворхI
стаг.
26 Якъубца Мисар-махка веанарг цуьнан
тIаьхьенах верг, кIентийн зударий ца лерича,
кхузткъе ялх стаг вара. 27 ††Мисарахь Юсупна вина
ши кIант а цхьаьна верриг а Якъубан доьзалх
Мисарахь ваха охьахиънарг кхузткъе итт стаг вара.

### Якъуб а, цуьнан доьзал а Мисар-махкахь Iар

28 Юсуп волчу воьдуш, шел хьалха ЯхIуд
вахийтира Якъуба, ГIашане боьду некъ хаархьама.
Уьш цига дIакхаьчча, 29 Юсуп, шен гIудалкх дIа а
йожийтина, ГIашане шен дена Исраилна дуьхьал
веара. Исраил ган ма-гинна, тIеведда, иза мара а
воьллина, вехха вилхира иза. 30 Исраила элира
Юсупе: «ХIинца-м вала а хала дацара, хIунда аьлча
сайн бIаьргашца хьо дийна хилар гина суна».
31 Юсупа вежаршка а, шен ден цIийнах болчу
нахе а элира: «Ас, вахана, пирIуне эр ду: „КанаIан-
махкахь Iийна сан вежарий а, ден цIийнах берш а
со волчу схьабаьхкина. 32 И нах жаIуй бу. Цара
даьхни леладо. Шайца кегий а, даккхий, а даьхни а,
шайн долахь долу хIума дерриг а схьадеана цара“.
33 ПирIуно, тIе а кхайкхина, шайга хаттахь: „Шун
хIун корматалла ю?“ 34 аш ала деза: „Тхайн дайша
санна, кегий долуш дуьйна даьхни лелош ду тхо!“
ТIаккха ГIашан цIе йолчу махкахь даха охьаховша
бакъо лур ю шуна, хIунда аьлча мисархошна Iуй ца
беза».

47 ПирIунна тIе а вахана, Юсупа элира: «Сан да
а, вежарий а шайн даьхница а, бахамца а,
КанаIан-махкара схьа а баьхкина, ГIашанехь бу
хIинца». 2 Вежарех, хаьржина, пхи стаг валийнера
цо пирIунна тIе.
3 ПирIуно хаьттира цаьрга: «Шун хIун корматалла
ю?»
Вежарша жоп делира: «Тхайн дай санна, Iуй ду
тхо». 4 Кхин а элира цара: «Кхуза даха даьхкина тхо,
хIунда аьлча КанаIан-махкахь луьра мацалла ю,
даьхни дажо меттиг яц тхан. Доьху хьоьга
ГIашанехь тхуна даха охьаховша бакъо ялар».
5 ПирIуно элира Юсупе: «Хьо волчу да а, вежарий
а баьхкина. 6 Мисар-махкара латта хьуна хьалха ду.
Оцу лаьттан тоьллачу меттехь охьаховшабе хьайн
гергара нах. Шайна лаахь, ГIашанехь Iан а мегар
ду царна. Къаьсттина говзанаш царна юкъахь
белахь, сан даьхни Iалашдан дIахIиттабе уьш».
7 Шен да Якъуб, вала а вина, пирIунна хьалха
хIоттийра Юсупа. Якъуба пирIун декъалвира.
8 ПирIуно хаьттира цуьнга: «Хьан маса шо ду?»
9 Якъуба жоп делира: «Со дуьнен чохь лела бIе
ткъе итт шо ду. КIезиг а, къаьхьа а хилла сан
дахаран шераш, сан дай дуьнен чохь леллачу хене
дIа ца нисвелла со». 10 ПирIун декъал а вина,
дIавахара Якъуб.
11 Да а, вежарий а Мисарахь баха ховшийра
Юсупа, царна РаIамсас олучу гIалина уллохь
тоьлла латта а делла, пирIуно шена тIе-ма-диллара.
12 Шен ден а, вежарийн а хIусамашкара берашка
хьаьжжина, массарна а юучуьнца кхачо йира
Юсупа. 13 Цул тIаьхьа чIогIа мацалла хIоьттира.
Мисар а, КанаIан-мохк а мацалло гIелбина бара.
14 Шегара кIа оьцуш гулделла Мисарахь а, КанаIан-
махкахь а мел долу ахча вовшахтуьйхира Юсупа.
ПирIунан цIахь латтадора цо иза. 15 Мисарахь а,
КанаIан-махкахь а ахча кхачийча, берриг а Мисар-
махкарчу наха, Юсупна тIе а баьхкина, элира:
«Тхуна бепиг лохьа, ма далийтахь тхо хьайн
бIаьргашна хьалха. Тхан ахча кхачийна».
16 Юсупа элира: «Шайн ахча кхачийнехь, даьхни
схьадаладе, ас цунна дуьхьал ялта лур ду шуна».
17 Цара Юсуп волчу даьхни схьадалийра. Говрашна
а, уьстагIашна а, гезаршна а, стерчашна а,
хьелашна а, варрашна а дуьхьал цо цу нахана ялта
делира. Цу шарахь царна ялта латтийра Юсупа
дерриг а церан даьхнина дуьхьал.
18 Шо чекхдаьлча, цунна тIе а баьхкина, элира
цара: «Оха лечкъор дац тхайн элах: тхан ахча а
кхачийна, тхан даьхни а хьан дола даьлла, тхайн
догIмашший, латтий бен хIумма а ца дисна
тхоьгахь. 19 Хьан бIаьргашна хьалха тхо а, тхан
латта а хIаллак хIунда хуьлу? Ялтина дуьхьал
дIаэцахьа тхо. Тхайн лаьттаца пирIунан лоллехь
хила реза ду тхо. Латта даьсса ца хилийта а, тхо
хенара довлийта а дIаден хIу лохьа тхуна».
20 Иштта Мисарахь долу дерриг а латта ийцира
Юсупа пирIунна. ХIора мисархочо шен латта
доьхкира, хIунда аьлча мацаллина дан хIума
дацара церан. Латта пирIунан дола делира. 21 Ткъа
нахах Мисаран цхьана маьIIера вукху маьIIе
кхаччалц Юсупа леш бира. 22 Динан дайшкара
латта ца ийцира цо, хIунда аьлча массо а хенахь
пирIуно дакъа а кхочуьйтуш, Iаш бара уьш.
Цундела цара шайн латта ца доьхкира. 23 Юсупа

† *46:20 Доладалар 41:50-52.* †† *46:27 Векалийн 7:14.*

элира нахе: «ХӀинца ас шу а, шун латта а пирӀунна
эцна. ХӀара хӀу ду шуна латта дӀаден. 24 Шайн ялта
кхиъча, цунах пхоьалгӀа дакъа пирӀунна дӀалур ду
аша, ткъа диснарг дӀаден а, шуна а, шун берашна а,
шун цӀахь болчарна а даа хир ду».
25 Наха элира: «Ахьа тхо кӀелхьардехи. ПирӀунан
леш хир ду тхо, хьо тхайна резаван лаьара тхуна».
26 Иштта лаьттах долу Іедал хӀоттийра Юсупа. Иза
тахана а Мисарахь дӀалелаш ду: лаьттах
схьадаьллачух дерригенах а пхоьалгӀа дакъа
пирӀунна дӀалуш, динан дайн долахь доцург, важа
латта пирӀунан долахь а долуш.

### Якъубан весет

27 Исраилхой ГӀашан олучу меттехь Іаш бара.
Церан дола дукккха а хӀума а делира, уьш тӀеттӀа
дебаш а бара. 28 Якъуб Мисарахь вуьрхӀитта
шарахь Іийра, цуьнан бӀе шовзткъе ворхӀ шо дара.
29 †Ша лечу хенахь, шен кӀанте Юсупе схьа а
кхайкхина, цо элира: «Хьо суна реза велахь, сан
кога кӀел куьг а диллий ††, дош ло суна, хьо соьца
дика а, суна тешаме а хир ву алий. Со Мисар-
махкахь дӀа ма воллалахь. 30 Со сайн дайх
дӀакхетча, Мисарара дӀа а хьой, уьш боьхккинчу
дӀаволлалахь».
Юсупа элира: «Ахь ма-бохху дийр ду ас».
31 «Дуй баал», – элира дас. Юсупа дуй биира.
Маьнги йистехь волу Исраил Далла хьалха
охьатаьІира ‡.

### Маннаш а, Эпрам а

48 Дукха хан ялале Юсупе элира, цуьнан да
чӀогӀа цомгуш ву аьлла. Шен ши кӀант,
Маннаш а, Эпрам а, эцна, цунна тӀе вахара иза.
2 Якъубе хаам бира: «Хьо волчу хьан кӀант Юсуп
веана», – аьлла. Шен берриг а ницкъ гулбина,
метта охьахиира Исраил.
3 ‡†Якъуба элира Юсупе: «КанаІан-махкарчу Луз
олучу меттехь Ша гайтинчу Нуьцкъалчу Дала
декъалвира со. 4 Цо элира соьга: „Ас дебор бу хьан
доьзал, хьан дукккха а бераш хуьлуьйтур ду, хьох
халкъийн доьзал схьабер бу. ХӀара латта хьан
тӀаьхьенна гуттаренна а дӀалур ду Ас“. 5 Со Мисара
вале кхузахь хьуна вина волу ши кӀант хӀинца
дуьйна сан хир ву. Эпрам а, Маннаш а сан хир ву,
Раабан а, ШимӀа а санна. 6 Кхарал тӀаьхьа хьуна
дина бераш хьан хир ду. Церан дола даьллачу
лаьтта тӀехь шайн вежарийн кӀентий болуш санна
Іийр бу уьш. 7 ‡‡Со Падан-Арамера схьавогӀуш,
КанаІан-махкахь Эпрати цӀе йолчу гӀалина
тӀекхачале, новкъахь, хьан нана Рахьал елира.
Цигахь Эпрате (Байтлахаме) боьдучу новкъа
йистехь дӀайоьллира ас иза». 8 ТӀаккха, Юсупан
кӀентий а гина, Исраила хьаттира: «Уьш муьлш бу?»
9 Юсупа дена жоп делира: «Уьш Дала суна кхузахь
белла кӀентий бу».
ТӀаккха Исраила элира: «Суна тӀе валаве и шиъ
соьга декъалвайта». 10 Иза дукха къена волуш
цуьнан бӀаьргашна са дика ца гора. Юсупа ши
кӀант цунна тӀе валийра. Цо, мара а бухкуш, барташ
дехира царна. 11 Исраила элира Юсупе: «Суна ца
моьттура сайна хьо юха гур ву, ткъа Дала хьан
бераш ган а аьтто би сан».
12 Ши кӀант Исраилан голашна уллора дӀа а
хилийна, цунна хьалха лохха охьатаьІира Юсуп.
13 Цул тӀаьхьа, дена улло ши кӀант схьа а валийна,
Эпрам шена аьтту агӀор Исраилна аьрру агӀор
хӀоттийра цо, ткъа Маннаш шена аьрру агӀор
Исраилна аьтту агӀор хӀоттийра. 14 Амма Исраила
шен аьтту куьг Эпраман коьрта тӀе диллира, иза
жима велахь а, ткъа аьрру куьг, аьттучунна тӀехула
а даькххина, Маннашан коьрта тӀе диллира. Цхьа
Іалашо йолуш дира цо иштта, Маннаш
дуьххьарниг воллушехь. 15 Юха, цаьргахула Юсуп
декъал а веш, цо элира:
«Шена кӀелахь сан дай ИбрахӀим а, Исхьакх а
лелла Дела,
таханлера де кхаччалц дерриг а сан дахарехь со
Шена тӀаьхьа хӀоттийна лелла волу Дела,
16 муьлхха чу а вочух со ларвина *Малик*,
декъалдехьа хӀара бераш.
Кхаьргахь дӀахьойла сан а, сан дайн ИбрахӀиман
а, Исхьакхан а цӀераш.
Деба а дебна, даккхий халкъаш схьадовлийла
кхарах дуьнен чохь».
17 Шен дас аьтту куьг Эпраман коьрта тӀе диллина
гича, Юсупна халахийтира. Цо ден куьг
схьалецира, Эпраман коьрта тӀера Маннашан
коьрта тӀе дилла дагахь. 18 Юсупа элира цуьнга:
«ХӀан-хӀан, дада, хьалхарниг хӀара ву, аьтту куьг
цуьнан коьрта тӀе дилла».
19 Амма да реза ца хилира: «Суна хаьа, сан кӀант,
суна хаьа. Кхунах а халкъ схьадер ду, и халкъ а
доккха, сийлахь хир ду. Амма жимаха волу ваша
цул лакхара хир ву, цуьнан тӀаьхьенах дукха
халкъаш схьадевр ду». 20 ‡‡†Цу дийнахь, уьш декъал
а беш, цо элира: «Шун цӀерашца Исраилан халкъо
вовшийн декъалбийр бу: „Эпрам а, Маннаш а
санна войла хьо Дала“, – бохуш». Иштта Эпрам
Маннашал лакхара хӀоттийра цо.
21 Юха Исраила элира Юсупе: «Со леш ву, амма
Дела шуьца хир ву. Цо шайн дайн лаьтта тӀе
юхадуьгур ду шу. 22 Хьайн вежарел хьо лакхара
хиларна, айса эмархошкара туьраца а, Іодаца а
баькккхина Шехем-мохк дӀало ас хьуна».

### Якъуба шен кӀентий декъалбо

49 Шен кӀентий схьа а кхайкхина, Якъуба элира:
«Суна уллохь гул а лой, ладогӀа, тӀейогӀучу
хенахь шуьца хиндерг дуьйцур ду ас.

---

† *47:29, 30 Доладалар 49:29-32; 50:6.* †† *Кога кӀел куьг а диллий *– цу гӀиллакхехь ша дийр ду аьлларг дан дезара.** ‡ *Грекийн гочдар тӀехь: *Исраила, Іасанна тӀе а таьІаш, Далла Іамал йора.** ‡† *48:3, 4 Доладалар 28:13, 14.* ‡‡ *48:7 Доладалар 35:16-19.*

‡‡† *48:20 Іебархошка 11:21.*

2 Гул а лой, ладогIа, Якъубан кIентий,
ладогIа шайн дега Исраиле.
3 Раабан, хьо сан дуьххьарлераниг ву, сан ницкъ,
сан боьршаллин дуьххьарлера стом,
уггар сийлахьверг а, ницкъберг а.
4 Амма, кхехкаш тIехъоьху хи санна, сиха волу хьо
кхин хир вац хьалхарниг,
хIунда аьлча, дIа а вахана,
хьайн да дIавуьжу мотт сийсазбина ахь.
Сан метта дIавижна хьо.
5 ШимIа а, Леви а вежарий бу.
Шайн таррашца нахана ницкъ бо цара.
6 Церан кхеташонна юкъа а гIур вац со,
церан гуламе а гIур вац,
хIунда аьлча оьгIазаллица нах байина цара,
хазахетархьама стерчийн когийн пхенаш хедийна.
7 НеIалт хилла ю церан оьгIазалла,
хIунда аьлча иза буьрса йолу дела,
неIалт хилла ду церан дералла,
хIунда аьлча иза къиза долу дела.
Якъубан тIаьхье йолчохь царна латта хир дац,
ас дIасакхуьссур бу уьш берриг а Исраилан махкахула.
8 ЯхIуд, хьан вежарша хастор ву хьо,
хьан куьг мостагIийн яьIнаш тIехь хир ду.
Хьан вежарий хьуна хьалха охьатаьIар бу.
9 †Хьо къона лом ду, ЯхIуд.
Талла ваханчуьра вогIу хьо, сан кIант.
СадаIа льаьтта дижина лом санна ву хьо,
мила ваьхьар ву хьуна новкъарло ян?
10 Паччахьан дарж ЯхIудах дер дац,
цуьнан тIаьхьенан карахь гуттар а хир ю олалла гойтуш йолу гIаж,
иза Шилун-гIала дIакхаччалц а ††,
халкъаш цунна муьтIахь хиллалц а.
11 Цо шен вир кемсийн таьллангах дIатосур ю,
ткъа виран кIорни – тоьллачу гаьннах.
Тоьллачу чагIар чохь шен бедар яшор ю цо.
ЧагIаран мутта чохь шен духар дуьттур ду цо.
12 Цуьнан бIаьргаш чагIарал Iаьржа хир ду,
ткъа цергаш шурел кIайн хир ю.
13 Забул хIордан йистехь вехар ву.
Цуьнан берд хIордкеманашна кхераме хир бац,
цуьнан латта ЦIадан-гIалина тIекхаччалц хир ду.
14 Шина а агIор беза мохь а болуш, садоIуш Iуьллучу вирах тера хир ву Иссархан,
ша онда велахь а.
15 Шен садоIу меттиг дика хилар а,
шен латта хаза хилар а гина,
халачу балхана къарвелла лай санна,
бахьа ца лучу мохьана кIел хIуттур ву иза.
16 Дан Исраилан халкъана кхелахо хир ву,
иза Исраилан цхьа тукхам санна хир ву.
17 Новкъа йистехь Iуьллучу лаьхьанах тера хир ву иза.
ТIехйолучу говран ког лоцу, некъан тачи тIехь Iуьллу лаьхьа бу иза.
Говр лазийча, цунна тIера бере охьавужу.
18 Веза Эла! Ахь кIелхьарваккхаре сатесна ву со.
19 Гадина тIе талорхой летар бу,
амма цо уьш лохкур бу.
20 Ашаран кхача токхе хир бу,
паччахьан даарш хир ду цуьнан.
21 Наптал маьрша бaьkkхинчу сенах тера ву,
исбаьхьа кIорнеш луш йолчу сенах тера ву иза.
22 Юсуп хьостана уллохь йоллучу, дуккха а стом лучу кемсийн таьллангах тера ву.
Цу таьлланган генаш пенна тIехула хьаладоьлхуш ду.
23 Дерачу оьгIазаллица пхерчий а кхуьссуш,
мостагIий летара цунах.
24 Амма цуьнан Iад чIогIа ду,
цуьнан куьйгаш онда а, говза а ду.
Цунна ницкъ белла Якъубан Нуьцкъалчо,
Исраилан Iуьно а, Тархо а,
25 хьуна гIо деш волчу хьан ден Дала,
хьо декъалвеш волчу Нуьцкъалчо.
Лакхарчу Шен стигалшца а,
лахарчу латтанашца а,
кIайн кхача лучу накхошца а,
ховхачу кийранашца а декъалвойла хьо Нуьцкъалчу Дала.
26 Ширачу лаьмнийн деза хиларал а,
даим лаьттачу гунийн хаза хиларал а лекха ду
хьан дас хьо декъалвар.
Шен вежаршна юкъахь эла волчу Юсупца хуьлийла и декъалвар.
27 Бен-Яман дера борз ю.
Iуьйранна шен ижу юу цо,
сарахь талорца карадеанарг доькъу».
28 Иштта ду Исраилан шийтта тукхам. Иза элира цаьрга, уьш декъалбеш, церан дас. ХIора а шена доггIучу кепара декъалвира цо.

## Якъуб кхалхар

29 Юха иштта весет дира цо шен кIенташка: «Со сайн дай болчу дIагIур ву кестта. Хьетахочун Iепронан льаьтта тIехь, сан дай болчу хьеха чохь дIаволлалаш со. 30 ‡КанаIан-махкарчу Мамари олучу меттера Махпела цIе йолчу арахь ю и хьех. Хьетахочуьнгара Iепронера нах дIабохкка эцначу лаьттаца цхьаьна эцна ю и хьех ИбрахIима.
31 ‡‡Цигахь дIабоьхкина бу ИбрахIим а, цуьнан зуда Сарат а, Исхьакх а, цуьнан зуда Ребикха а, цигахь дIайоьллина ас Леа а. 32 Аре а, цу тIера хьех а хьетахошкара эцна ю».
33 ‡‡Шен кIенташна хьехам бина а ваьлла, ши ког метта хьала а баьккхина, дIавижна волу Якъуб, кхалха а кхелхина, шен дайх дIакхийтира.

50 Дена тIе а кхетта, цунна барташ а дохуш, вилхира Юсуп. 2 Шен ялхошка-лоьрашка ден

† 49:9 Лелар 24:9; Довзийтинарг 5:5. †† Я иштта: *цуьнан сий дайтталц а...*

‡ 49:30 Доладалар 23:3-20. ‡‡ 49:31 а: Доладалар 25:9, 10; б: Доладалар 35:29. ‡‡ 49:33 Векалийн 7:15.

дакъа талха ца талхийта, молханаш а тохий, кечде
аьлла, омра дира цо. Лоьраша иза кечдира. 3 Цу
кечамна шовзткъа де дІаделира, хІунда аьлча цу
балхана лерина йолу хан яра иза. Мисархоша
кхузткъе итт дийнахь белхарш дира Якъуб велча.
4 Белхаран денош чекхдевлча, Юсупа элира
пирІунна уллорчу нахе: «Шу суна реза делахь,
доьху шуьга, пирІуне дІаала: 5 †„Сан дас, соьга
чІагІо а яйтина, элира: ‘Со леш ву, ас КанаІан-
махкахь яьккхинчу къубба чохь дІаволлалахь со’.
Пурба ло суна, вахана, сайн да дІаволла, цул
тІаьхьа со юхавогІур ву“».
6 ПирІуно элира: «Ваха а гІой, айхьа чІагІо ма-
ярра, хьайн да дІаволла».
7 Юсуп шен да дІаволла воьдуш, цуьнца пирІунна
уллора нах а, пирІунан цІийнера а, берриг Мисар-
махкара а элий бахара. 8 Юсупан доьзалера берш а,
вежарий а, цуьнан ден цІийнах болу нах а бахара.
ГІашанехь бераш а, даьхни а бен ца дисира.
9 Царна тІаьхьахІиттина йогІуш гІудалкхаш а яра,
дошлой а бара. Дукха адам дара дІадогІуш.
10 Йордан-хина малхбалехьа йолчу Атад олучу
хьаьтта кхаьчча, чІогІа белха хІиттира уьш. ВорхІ
дийнахь цигахь белхар дира Юсупа. 11 Атада уллохь
долу и белхар а гина, цу меттехь Іаш болчу
канаІанхоша элира: «Мисархойн доккха белхар ду».
Цундела Йорданна малхбалехьа йолчу цу меттигах
Абал МицІраим олу (иза «мисархойн белхар»
бохург ду). 12 Иштта Якъубан кІенташа цуьнан весет
кхочушдира. 13 ††КанаІан-махка дІа а ваьхьна,
Мамари цІе йолчу меттигна уллохь йолчу Махпела
олучу арахь лаьттачу хьеха чохь дІавоьллира цара
иза. И хьех цу аренца цхьаьна ИбрахІима
хьетахочуьнгара Іепронера эцнера, шен белла нах
цу чохь дІабохкархьама. 14 Да дІа а воьллина, шен
вежаршца а, цига баьхкинчу нахаца а Мисар-махка
вухавеара Юсуп.

### Юсупа вежарий тебо

15 Шайн да велча, Юсупан вежарша ойла йира:
«ХІун хаьа, Юсуп вайна оьгІазвахана Іаш хила мега,
шена вай динчу вонна дуьхьал хІинца бекхам бан
дагахь?» 16 Цара Юсупна тІе нах бахийтира цуьнга
ала: «Ша валале хьан дас тхуна весет дина:
17 „Шайн веше Юсупе дІаала: ‘Ас доьху хьоьга
вежаршна цара латийначу къинна гечдар’. Оха а
доьху хьоьга, Юсуп, хьайна бинчу вочу балхана
гечдехьа хьайн ден Делан лешна“».
Шега даийтинчу хабаре ладугІуш волу Юсуп
вилхира.
18 ТІебаьхкина, гора а эгна, цуьнан вежарша
элира: «Тхо хьан леш ду».
19 Юсупа жоп делира: «Кхера ма кхера. Со Дела ма
вац. 20 Шуна дагадеара суна зулам дан, амма Дала
цунах дика болх хилийтира, хІинца тахана долуш
дерг кхочушхилийта: дукха адамаш лечуьра
кІелхьардахар. 21 Цундела ма кхера: ас шу а, шун
бераш а кхобур ду». Уьш тебеш, цаьрца эсала
къамел дира цо.

### Юсуп кхалхар

22 Шен ден доьзалца Мисар-махкахь Іийра Юсуп.
Цуьнан бІе итт шо кхаьчнера. 23 Иза дийна а волуш,
Эпрайман бераш а, берийн бераш а хилира.
Маннашан кІантана Макирна дина бераш а, шен
долуш санна, тІеийцира цо. 24 Юсупа элира
вежаршка: «Со леш ву, амма Дала шуна гІо дийр ду.
Кху лаьтта тІера Ша ИбрахІимна а, Исхьакхана а,
Якъубана а чІагІонца деллачу лаьтта тІе шу
дІадуьгур ду Цо». 25 ‡Исраилан кІенташка чІагІо а
яйтина, Юсупа элира: «Дала шуна билггал гІо дийр
ду, тІаккха аша сан даьІахкаш кхузара дІаяхьа еза».
26 Иштта бІе итт шо долуш Юсуп кхелхира. Ца
талхийта молханаш а тоьхна, кеч а дина, Мисар-
махкахь тІорказ чу диллира цуьнан дакъа.

---

† *50:5 Доладалар 47:29-31.* †† *50:13 Векалийн 7:16.*

‡ *50:25 Арадаккхар 13:19; Іебархошка 11:22.*

# Арадаккхар

## Дешхьалхе

цIе йолу хIара тептар – Исраилан халкъан хиламашкахь уггар лараме долчух лаьцна ду: исраилхой лоллехь хиллачу Мисар-махкара арабовлархь. Тептар деа декъе декъало: 1) Iебархой лоллера паргIатбахар (кортош 1-15); 2) Синай-лам болчу уьш боьлху некъ (кортош 15-18); 3) Дала Шен халкъаца барт бар, царна оьздангаллин а, динан а хьехамаш балар (кортош 19-24); 4) исраилхошна Далла Iибадат дан меттиг кечъяр а, динан дайшна а, Далла Iамалъярна а болу хьехамаш (кортош 25-40).
Уггар хьалха хIокху тептар тIехь Дала мел динарг дуьйцуш ду, лоллехь хилла Шен халкъ Ша паргIат а доккхуш, цунах хиндолчуьнга сатийсар долуш долу къам а кхуллуш.
Тептаран уггар лараме стаг Муса ву. И стаг, Шен халкъ Мисар-махкара арадаккххархьама, Дала хаьржина хилла. Уггар дика девзаш долу тептаран дакъа ткъолгIачу коьрта тIехь болу итт хьехам бу.

### Исраилхой Мисар-махкахь Iаш бу

1 †Якъубца Мисар-махка шайн доьзалшца
баьхкинчу Исраилан кIентийн цIераш хIорш ю:
2 Раабан, ШимIа, Леви, ЯхIуд, 3 Иссархан, Забул,
Бен-Яман, 4 Дан, Наптал, Гада, Ашар. 5 Верриг а
Якъубах схьаваьлларг кхузткъе итт вара, ткъа Юсуп
цу хенахь Мисарахь вара.
6 Юсуп а, цуьнан вежарий а, церан нах а,
кхелхина, дIабевллера. 7 ††Ткъа Исраилан
тIаьхьенах болу нах, деба а дебаш, алсамбуьйлуш
бара. Берриг а мохк буьзнера цара.
8 ‡Юха Мисар-махкахь керла пирIун ‡† хIоьттира,
цунна Юсупах лаьцна хIумма а ца хаьара. 9 Цо
элира шен халкъе: «Исраилан халкъ доккха хилла,
иза вайна кхераме хила мегаш ду. 10 ‡‡Исраилхой ца
дебийта хьовса деза вай. Нагахь тIом балахь, уьш
вайн мостагIех дIа а кхетта, вайх лата а летта, кху
махкара дIагIур бу». 11 Мисархоша шайн хьаькамаш
хIиттийра, исраилхойх леш а бина, цаьрга беза
белхаш байта. Питам а, РаIамсас а цIераш йолу
гIаланаш йира исраилхоша пирIунна, шайна чохь
тIаьхьалонна хIума латто. 12 Амма оцу халкъана
тIехь гIело мел йо а, иза тIеттIа дебара, цу
махкахула дIасадаьржара. Мисархой кхоьрура
исраилхойх. 13 Цундела кхин а чIогIа беза а, хала а
белхаш бойтура цара исраилхошка. 14 Мисархоша
къахьдинера исраилхойн дахар, поппарца а,
кибарчигашца а болу а, аренашкахь болу а беза
белхаш бойтуш. Муьлхха а болх бойтура цара
исраилхошка, къинхетам боцуш.

† 1:1-4 Доладалар 46:8-27. †† 1:7 Векалийн 7:17. ‡ 1:8 Векалийн 7:18. ‡† ПирIун *– Мисар-мехкан паччахь.* ‡‡ 1:10 Векалийн 7:19.

15 Iебархойн зударийн бераш хуьлучу хенахь
царна гIо деш яра Шапарат а, ПуIа а цIераш йолу
ши зуда. ПирIуно омра дира цаьрга: 16 «Iебархойн
зударийн бераш хуьлучу хенахь йоI дийна йита,
кIант ве!», – аьлла. 17 Амма Делах кхоьруш йолчу
шина зудчо пирIуно бохург ца дора, цара кIентий
дийна буьтура. 18 ПирIуно, тIе а кхайкхина, элира
цаьрга: «И хIун ду аша деш дерг? КIентий дийна
хIунда буьту аша?»
19 Шина зудчо пирIуне элира: «Iебархойн зударий
мисархойчарал могуш а, онда а бу. Тхо тIекхачале
бер дуьнен чу даьлла хуьлу церан». 20 Дала диканиг
дора цу шина зудчунна. Ткъа Iебархойн халкъ
тIеттIа алсамдолуш дара. 21 Шех кхоьруш и ши зуда
хиларна, Дала церан шайн а доьзалш хилийтира.
22 ‡‡†ТIаккха пирIуно дерриге а шен халкъе омра
дира: «Дуьнен чу ваьлла Iебархойн кIант Нил-хи чу
кхосса, ткъа йоI дийна йита», – аьлла.

### Муса дуьнен чу валар

2 Левин тIаьхьенах волчу цхьана стага шен
тайпанах йолу зуда ялийра. 2 ‡‡‡Доьзалхочух а
хилла, кIант вира цу зудчо. Бер хаза долу дела, иза,
лечкъош, кхаа баттахь лелийра цо. 3 Эххар а,
кхидIа иза лечкъо а ца яьхьна, эрзах тускар а дина,
цунах силам а хьаькхна, кIант чу а виллина, тускар
эрзашкахь берда йистехь дитира цо. 4 Ткъа кIентан
йиша геннара хьоьжуш яра цунах хIун хуьлу.
5 Юха пирIунан йоI еара Нил-хи тIе лийча. Цуьнан
ялхой-зударий берда йистехула лелаш бара. ЙоIана
эрзаш юкъахь тускар гира, цо шен *гIарбаш*
яхийтира иза схьаэца. 6 Тускар схьадиллича, чохь

‡‡† 1:22 Векалийн 7:19. ‡‡‡ 2:2 Векалийн 7:20; Iебархошка 11:23.

бер гира цунна. Бер доьлхуш хиларна, цунах
къахийтира йоIана, цо элира: «ХIара Iебархойн бер
ду».
[7] Цу хенахь тIееанчу кIентан йишас элира
пирIунан йоIе: «Хьуна лаахь, ас, яхана, Iебархойн
зуда ялор ю кIант вакхо».
[8] ПирIунан йоIа элира: «ГIо, хIета».
Вукхо кIентан нана схьаялийра. [9] ПирIунан йоIа
элира зудчуьнга: «ХIара бер, схьа а эций, кхаба. Ас
мах лур бу хьуна кхунах». Зудчо, дIа а даьхьна, бер
кхебира.
[10] †КIант воккха хилира. Нанас иза пирIунан йоIе
дIавелира. Вукхо иза, шен волуш санна, лелавора.
КIентан цIе Муса †† тиллира пирIунан йоIа (иза
«схьаваьккхинарг» бохург ду), ша иза хи чуьра
схьаваьккхина дела.

### Муса маданхойн махка вадар

[11] ‡ ‡†Цул тIаьхьа дуккха а хан яьлча, Муса воккха а
хилла, цкъа шен вежарий-исраилхой болчу вахара.
Цунна гора, шен халкъ мисархоша дацор а, цуьнга
беза белхаш байтар а. Цу дийнахь цунна гира
цхьана мисархочо шен къомах волчу Iебархочунна
етташ. [12] ДIа а, схьа а хьаьжна, уллохь цхьа а ца
гича, тоьхна, и мисархо вен а вийна, гIамарла
воьллира Мусас. [13] ШолгIачу дийнахь иза цига
веача, дов даьлла воллуш ши Iебархо вара. Мусас
элира харцлуьйш волчуьнга: «Хьайн вешина
хIунда етта ахь?»
[14] «Тхуна тIехь хьаькам а, кхелахо а хьо хьан
хIоттийна? Айхьа вийна мисархо санна, со вен-м ца
гIерта хьо?» – элира цу стага. ТIаккха Муса
кхеравелира. «ХIинца ас динарг массарна а хиъна»,
– аьлла, дагадеара цунна. [15] ‡‡И гIуллакх хаа а
хиъна, Муса вен гIерташ пирIун а вара. Амма
пирIун волчуьра ведда, маданхойн лаьтта тIе веара
Муса.
Цу махкахь волчу динан ден ворхI йоI яра. Муса
гIуна йистехь охьахиина Iаш волчу хенахь, [16] тIе а
баьхкина, нойш чу хи доьттира цара шайн ден
уьстагIашна мало. [17] Амма охьабаьхкинчу Iуша
зудабераш хи тIера дIачовхийра. ТIаккха Мусас,
цаьргахьа гIо а даьккхина, церан уьстагIашна хи
малийра. [18] Шайн да РаIал волчу бахара йоIарий.
Дас хаьттира: «Тахана ма хьалхе даьхкина шу цIа?»
[19] Цара элира: «Цхьана мисархочо гIо даьккхира
тхоьгахьа. Тхуна хи а эцна, уьстагIашна хи малийра
цо».
[20] Дас элира йоIаршка: «Мичахь ву иза? Цигахь
хIунда витина аша иза? Схьакхайкха цуьнга, вайца
хIума юур ю цо».
[21] Цу стеган доьзалехь висира Муса. РаIала шен
йоI Ципара яхийтира цуьнга. [22] Шен зудчо кIант
вича, Мусас цуьнан цIе ГIиршам тиллира (иза
«цигахь волу тIевеанарг» бохург ду), хIунда аьлча
ша хийрачу махкахь тIевеана стаг волу дела.
[23] Цул тIаьхьа дуккха а хан елира. Мисар-мехкан
пирIун велира, амма исраилхой, хьалха санна,
Iазапехь бохкуш бара. Беза болх ла ца луш, узарш
дора цара. Цара доккху орца Деле хьалакхечира.
[24] ‡‡†Шена исраилхойн узарш хезча, Дала ойла йира
Ша ИбрахIимца а, Исхьакхаца а, Якъубца а барт
барх лаьцна. [25] Исраилхошка а хьаьжна, церан
Iалашо ян лиира Далла.

### Дала Муса къобалвар

[3] Шен стунден, маданхойн махкахь *динан да*
волчу Итаран ‡‡‡, уьстагIий дажош вара Муса.
Цкъа уьстагIий дажош, генна яьссачу арахула
дIавахна, Хьариб цIе йолчу Делан лам тIе кхечира
иза. [2] §Везачу Элан *Малик* дуьхьалхIоьттира цунна
йогучу коканан кулла юккъехь. Коканан куллах цIе
леттера. ЦIе леттехь а, йогуш яцара и колл. [3] Мусас
элира: «ТIеваха веза со оцу инзаречу хIумане
хьажа. Колл хIунда ца йогу?»
[4] Муса тIевогIуш Шена гича, Веза Эла §† кулла
юкъара кхайкхира: «Ва Муса!»
«Со кхузахь ву!» – элира Мусас.
[5] Дала элира: «ТIе ма воьллахь кхуза. Хьайн
когара мачаш дIаяха, хьо лаьтта меттиг, Со кхузахь
хиларна, деза латта ду. [6] Со хьан ден Дела ву,
ИбрахIиман а, Исхьакхан а, Якъубан а Дела». Мусас
шен юьхь дIакъевлира, хIунда аьлча иза кхоьрура
Деле хьажа.
[7] Везачу Эло элира: «Мисарахь Сайн халкъо
хьоьгу бала гина Суна, тIехIиттиначара ницкъ
барна цуьнан узарш хезна. Суна хаьа Сайн халкъан
лазам. [8] ТIевахана, иза мисархойн Iазапах
кIелхьара а даьккхина, цу махкара арадоккхур ду
Ас. Дикачу а, боккхачу а, шуьрех а, мазах а
дуьзначу токхечу, канаIанхойн а, хьетахойн а,
эмархойн а, перезахойн а, хьаьвихойн а,
явсайхойн а махка дIадуьгур ду Ас Сайн халкъ.
[9] Исраилхойн белхарш хезна Суна, мисархоша
церан Iазапехь бахкор а гина. [10] ХIинца Ас хьо
пирIунна тIе вохуьйту. Ваха а гIой, Мисарара Сан
халкъ, Сан халкъ долу исраилхой, Мисарара
арабаха».
[11] Амма Мусас элира Деле: «Со мила ву, пирIунна
тIеваха а, Мисарара исраилхой арабаха а?»
[12] Дала элира: «Со хьоьца хир ву. Ас хьо
вахийтина хиларан хIара билгало хир ю: Мисарара
ахь халкъ арадаьккхича, кху лам тIехь Суна Iамал
йийр ю аша, Сан леш а хилла».
[13] §††Юха Мусас элира Деле: «Исраилхошка, тIе а
вахана, ас эр ду: „Шун дайн Дала ваийтина со шуна

---

† *2:10 Векалийн 7:21.* †† *Муса *– хIокху цIеран маьIна Iебархойн маттахь «схьаваьккхинарг» бохург делахь а, мисархойн маттахь иза, схьахетарехь, «кIант» бохург ду.** ‡ *2:11-14 Векалийн 7:23-28.* ‡† *2:11 Iебархошка 11:24.* ‡‡ *2:15 Векалийн 7:29; Iебархошка 11:27.*

‡‡† *2:24 Доладалар 15:13, 14.* ‡‡‡ *Итар *– РаIал аьлла, кхин цIе а яра цуьнан.** § *3:2-10 Векалийн 7:30-34.* §† *Веза Эла *– кхузахь Везачу Элан Малик а, Веза Эла а цхьаъ ду.** §†† *3:13 Арадаккхар 6:2, 3.*

тIе“. Цара соьга хоттур ду: „ХIун ю Цуьнан цIе?“
ТIаккха, хIун ала деза ас цаьрга?»
14 †Дала Мусага элира: «Со „Со Верг“ ву. Иштта
дIаала исраилхошка: „Ша Волуш Волчо ваийтина
со шуна тIе“». 15 Кхин а элира Дала Мусага: «Иштта
ала исраилхошка: „Везачу Эло ††, шун дайн Дала,
ИбрахIиман а, Исхьакхан а, Якъубан а Дала,
ваийтина со шуна тIе“. Иза ю Сан цIе абадехь ‡, цу
цIарца хьахор ву Со тIейогIучу тIаьхьенаша. 16 Ваха
а гIой, исраилхойн къаной а гулбай, ала: „Везачу
Эло, шун дайн Дала, ИбрахIиман а, Исхьакхан а,
Якъубан а Дала, суна Ша гайта а гайтина, элира
соьга: ‘Шу долчу веача, Суна гира Мисар-махкахь
шуна хуьлуш дерг. 17 Ас чIагIо йина, шуна таIзар
дечу Мисарара канаIанхойн а, хьетахойн а,
эмархойн а, перезахойн а, хьаьвихойн а,
явсайхойн а махка, шуьрех а, мазах а дуьзначу
токхечу лаьтта тIе, шу дIадига’“.
18 Исраилхойн къаноша хьоьга ладугIур ду. Уьш а
эций, пирIунна тIегIо. Аша цуьнга ала: „Веза Эла,
Iебархойн Дела, веана тхо долчу. ДIахецахьара ахь
тхо, кхаа дийнахь яьссачу арахула дIа а дахана,
Везачу Элана, тхайн Далла, сагIа даккха дезаш ду
тхо“. 19 Амма Суна хаьа, пирIуно шу дIахоьцур дац,
нагахь иза нуьцкъаха цуьнга ца дайтахь. 20 Ас,
Мисарна тIехула Сайн нуьцкъала куьг а лаьцна,
инзаре хIуманаш гойтур ду цу махкахь, тIаккха цо
шу дIахоьцур ду.
21 ‡†Мисархой исраилхошца дика хуьлуьйтур бу Ас,
тIаккха шу цу махкара дIадоьлхуш даьсса гIур дац.
22 ХIора исраилхойн зудчо шен лулахочуьнгара я
шен чохь Iаш йолчу мисархойн зудчуьнгара дашо
а, дато а хIума а, еза тIеюху хIума а еха еза. Цу
хIуманашца шайн бераш кечде. Иштта аша
Мисарара хьал дIахьур ду».
4 ТIаккха Мусас элира: «Ткъа уьш сох ца тешахь,
Ахь со ваийтина ас аьлча? „Везачу Эло Ша ца
гайтина хьуна“, – алахь?»
2 Везачу Эло хаьттира: «И хIун ю хьан карахь
ерг?»
Мусас жоп делира: «Сан некъан Iаса ю-кх».
3 «Охьакхосса иза лаьтта», – элира Везачу Эло.
Мусас Iаса охьакхоьссира – гIожах лаьхьа хилира.
Кхера а велла, дIаведира Муса. 4 Везачу Эло элира:
«Куьг дIа а кховдадай, схьалаца цу лаьхьанан
цIога». Мусас лаьхьа схьалецира – цу сохьта
лаьхьанах юха а Iаса хилира. 5 «Иштта ахь дахь, нах
тешар бу Везачу Эло, церан дайн Дала, ИбрахIиман
а, Исхьакхан а, Якъубан а Дала, Ша хьуна гайтина
аьлча», – элира Везачу Эло.
6 Кхин а элира цуьнга Везачу Эло: «Хьайн куьг
чета диллал». Мусас куьг чета диллира. Юха цо иза
схьадаькккхича, ло санна, кIайн хьаьттарш тIехь а
йолуш, цамгар лаьцна хилира куьг. 7 «ХIинца юха а
куьг чета дилла», – элира Везачу Эло. Куьг юха а
чета диллира Мусас. Цо иза схьадаькккхича, хьалха
ма-дарра, могуш дара куьг. 8 «Нагахь хьох а,
дуьххьарлерчу тамашийначу билгалонах а нах ца
тешахь, шолгIачу билгалонах тешар бу. 9 Нагахь цу
шина билгалонах а ца тешахь, Нил чуьра жимма
хи, схьаэций, лаьтта охьадотта, цу хинах цIий хир
ду», – элира Везачу Эло.
10 ТIаккха Мусас элира Везачу Эле: «Веза Эла! Со
дашна говза вац, гуттар а иштта хилла а ву. ХIинца
Хьоьца къамел динчул тIаьхьа а дешан говзалла яц
соьгахь. Со маттана шера вац».
11 Везачу Эло элира: «Стагана мотт белларг мила
ву? Мотт ца хууш я къора, я са гуш, я бIаьрзе веш
верг мила ву? Со – Веза Эла вац? 12 ДIагIо, Со
хьоьца хир ву ахь къамел дечу хенахь, Ас Iамор ду
хьуна ала дезарг».
13 Мусас элира: «Веза Эла! Хьайна луъург кхиниг
вахийтахьа сан метта».
14 Веза Эла Мусана оьгIазвахара, Цо элира:
«Левин тIаьхьенах а волуш, АхIарон цIе йолуш
ваша вац хьан? Суна хаьа иза къамел далуш вуйла.
Иза хьуна дуьхьал вогIур ву, хьо гича, цунна
хазахетар ду. 15 Ахьа шега аьлларг цо дIаэр ду.
Къамел дечу хенахь Со шуьца хир ву, Ас Iамор ду
шуна аша дан дезарг. 16 Хьан метта АхIарона
нахаца къамел дийр ду. Иза хьуна хьалхара къамел
деш хир ву, ткъа хьо цунна Делан метта хир ву. 17 И
Iаса хьайн кара схьаэца, цуьнца тамашийна
хIуманаш гойтур ду ахь».

### Муса Мисар-махка юхаверзар

18 Шен стундена Итарна тIе юха а веана, цуьнга
элира Мусас: «Мисар-махкахь болчу сайн
вежаршна тIеваха лаьара суна, уьш дийна буй
хьажа».
«Дика ду, гIой, хьажа. Аьтто хуьлда хьан», – элира
Итара.
19 Муса маданхойн махкахь волуш, Везачу Эло
цуьнга аьллера: «Мисар-махка юхаваха мегар ду
хьуна ца кхоьруш, хIунда аьлча хьо вен гIерташ
хилларш белла дIабевлла». 20 Шен зуда а, кIентий а
вир тIе а ховшийна, Мисара ваха новкъа велира
Муса, Делан ницкъ болу шен Iаса буьйна а лаьцна.
21 Везачу Эло элира Мусага: «Хьо Мисар-махка
юхавеача, Ас хьайга де аьлла долу тамашийна
хIуманаш пирIунна хьалха делахь. Ткъа Ас цуьнан
дог чIагIдийр ду, тIаккха цо халкъ дIахоьцур дац.
22 ДIаала пирIуне, Везачу Эло иштта боху алий:
„Исраил Сан кIант ву, Сан дуьххьарлера бер ду.
23 ‡‡Ас боху хьоьга: ‘ДIахеца Сан кIант, иза Суна
*Iибадат дан* дезаш ву. Ахь иза дIа ца хецна дела, Ас
хьан дуьххьарлера кIант вуьйр ву’“».
24 Новкъахь дIавоьдуш, Муса буьйса яккха
сецира. Цунна тIевеанчу Везачу Элана иза вен
дагадеара. 25 ТIаккха Ципарас, тIулгах дина урс схьа
а эцна, шен кIант сунтвира. Схьахадийна чкъор

† *3:14 Довзийтинарг 1:4, 8.* †† *Веза Эла *– ма-дарра аьлча, Iебархойн маттахь долу хIара ши дош «Ша волуш Верг» боху маьIна долуш ду.** ‡ *Абадехь *– даима.** ‡† *3:21, 22 Арадаккхар 12:35, 36.*

‡‡ *4:23 Арадаккхар 12:29.*

Мусан когех † а хьаькхна, цо элира: «Ас и цIий
Iанийна, цундела сан майра волу хьо соьца уьйр
йолуш ву». 26 Веза Эла дIавахара, Мусана †† хIумма а
ца деш. (Цу хенахь зудчо аьллера цунах «цIийца
волу майра», хIунда аьлча шен кIант сунтвинера
цо.)

## Дала АхIарон Мусана дуьхьал вахийтар

27 Везачу Эло АхIароне элира: «Яьссачу ара
Мусана дуьхьал гIо». ДIавахана, Делан лома уллохь
Мусана дуьхьал а кхетта, цунна барт баьккхира
АхIарона. 28 Ша ваийтинчу Везачу Эло шега
аьлларг а, гайтинчу тамашийначу хIуманех лаьцна
а АхIароне дIадийцира Мусас. 29 Мусас а, АхIарона
а, дIа а вахана, исраилхойн къаной гулбира.
30 Везачу Эло Мусага аьлларг цу нахана дIадийцира
АхIарона. Мусас халкъана хьалха тамашийна
хIуманаш гайтира. 31 Халкъ тийшира. Исраилхошна
хиира, шайн баланаш а гина, Везачу Эло шайн
гIайгIа бойла. Цунна хьалха гора а хIиттина,
суждана бахара ‡ уьш.

## Муса а, АхIарон а пирIун волчу воьду

5 Цул тIаьхьа Мусас а, АхIарона а, пирIунна тIе а
веана, элира: «Везачу Эло, Исраилан Дала,
боху: „ДIахеца Сан халкъ яьссачу арахь Сан дуьхьа
деза де хIотто“».
2 Амма пирIуно элира: «Мила ву И Веза Эла, ас,
Цуьнга ла а доьгIна, Исраилан халкъ дIахеца? Суна
Веза Эла а ца вевза, исраилхой ас дIа а хоьцур
бац».
3 Цу шиммо элира: «Iебархойн Дала тIекхайкхира
тхоьга. Оха доьху хьоьга кхаа дийнахь некъ баллал
йолчу метте яьссачу ара тхаьш дIадахийтар, тхайн
Везачу Далла лерина сагIа даккха, Цуьнга цамгарца
я туьраца тхо хIаллак ца дайта».
4 ПирIуно элира цаьрга: «Муса, АхIарон, халкъ
шен балхах юхадоккху аша. ДIа а гIой, шайн
гIуллакх де». 5 Кхин а элира цо: «ХIокху махкахь
дуккха а нах бу, аша шайн болх бан ца буьту уьш».
6 Оццу дийнахь исраилхошна тIехIиттийна болчу
нахе пирIуно омра дира: 7 «ХIинца чул тIаьхьа
кибарчигаш ечу нахана ча ма ло, хьалха деллехь а.
Ара а бовлийтий, шайга лахийта цаьрга ча.
8 Хьалха санна кибарчигаш яйта цаьрга. Уьш дукха
мало еш бу, цундела доьху соьга: „Дахана, тхайн
Далла сагIа доккхур дара оха“, – бохуш. 9 Алссам
болх ло царна, эрна къамелаш схьа а ца лоьцуш,
цаьрга болх байта».
10 ТIехьовсуш болчу наха элира халкъе: «ПирIуно
шуна кибарчигаш ян ча ма ло боху. 11 Даха а гIой,
шайна карийнначуьра ча да. Кибарчигаш хьалха
еччул йийр ю аша».
12 Берриг а Мисар-махкахула арахь дисина ча
лаха арабевлира исраилхой. 13 ТIехIиттина болчара
хьалха, ча долчу хенахь еччул, хIора дийнахь
кибарчигаш е бохура цаьрга. 14 ПирIунан
хьадалчаша исраилхошна юкъара хаьржинчу
белхан куьйгалла дечу нахана еттара: «Хьалха
йинччул, селхана а, тахана а кибарчигаш хIунда ца
йо аша?» – бохуш.
15 Оцу исраилхоша, пирIунна тIе а баьхкина, арз
дира: «Хьайн лешна иштта ницкъ хIунда бойту ахь?
16 Ча ца ло хьан лешна, ткъа кибарчигаш е боху.
ТIехIиттина болчара тхуна етта, амма бехке хьан
халкъ ду».
17 Амма пирIуно элира: «Шуна болх бан ца лаьа,
аш мало йо, цундела боху аша: „Везачу Элана сагIа
даккха гIур ду тхо“. 18 ДIа а гIой, болх бе. Ча шуна
лур дац, кибарчигаш хьалха еччул йийр ю аша».
19 «ХIора дийнахь ян еззачул кибарчигаш йийр ю
аша, церан дукхалла лах а ца деш», – бохучу
дешнашца шайна тIебеана бала гира
исраилхошна.
20 ПирIун волчуьра уьш арабевлча, шаьш
схьадахкаре хьоьжуш волу Муса а, АхIарон а гира
царна. 21 Цу шинга цара элира: «Везачу Эло кхел
йойла шуна аша пирIунна а, цуьнан уллорачарна а
хьалха тхан сий дайарна. Церан кара тур делла
аша тхо дайийта».
22 Юха Везачу Эле Мусас элира: «Веза Эла! Сел
халачу бале хIара халкъ хIунда теси Ахь? Со кхуза
хIунда ваийти? 23 ПирIунна тIе а вахана, ас Хьан
цIарах къамел дичхьана, цо кхин а чIогIа ницкъ бо
кху халкъана. КIелхьара-м муххане а ца даьккхи
Ахь Хьайн халкъ».
6 ТIаккха Везачу Эло Мусага элира: «ХIинца гур
ду хьуна Ас пирIунна дендерг. Онда куьг шена
тIехь хааделча, цо дIахоьцур ду Сан халкъ. Цо ша
арабохур бу уьш шен махкара».

## Дала Муса юха а къобалвар

2 ‡†Юха Мусага Дала элира: «Со Веза Эла ву.
3 ИбрахIимна а, Исхьакхана а, Якъубана а Со
дуьхьалвеана „Нуьцкъала Дела“ цIе а йолуш, ткъа
„Веза Эла“ бохучу цIарца Ас царна Со вовзийтина
вац. 4 Ас барт бина цаьрца, КанаIанан латта царна
дIалур ду аьлла. Цу лаьтта тIехь Iаш бара уьш,
амма иза церан долахь дацара. 5 Исраилхойн
узарш хезира Суна, уьш, мисархойн леш а хилла,
баланехь хилар гира, тIаккха Сайн цаьрца хилла
барт дагабеара Суна. 6 Ас боху ала Исраилан
халкъе: „Со Веза Эла ву. Ас Сайн куьйга мисархойн
олаллех кIелхьардохур ду шу, церан леш долчуьра
паргIат а дохур ду, Сайн болчу ницкъаца царна
луьра таIзарш а деш. 7 Шун Дела а хилла, шух Сайн
халкъ дийр ду Ас, тIаккха шуна хуур ду Со Веза Эла,
шун Дела вуйла, шу мисархойн Iазапах
кIелхьардаьхна волу. 8 Айса ИбрахIимна а,
Исхьакхана а, Якъубана а дIалур ду аьлла, куьг а
айина чIагIо йинчу лаьтта тIе шу дIадуьгур ду Ас,
иза шуна тIаьхьалонна дIа а лур ду. Со Веза Эла

† *Мусан когех *– я иштта: *цуьнан когех.** †† *Мусана *– я иштта: *цунна.** ‡ *Суждана бахара *– цхьанна хьалха кIоргга, лаьтта кхаччалц охьатаIар.**

‡† *6:2, 3 Доладалар 17:1; 28:3; 35:11; Арадаккхар 3:13-15.*

вуˮ». [9] Мусас и дерриг а исраилхошна дӀадийцира, амма цара ла ца дуьйгӀира цуьнга шаьш, беза болх беш, доьналла доцуш хиларна.

[10] ТӀаккха Везачу Эло Мусага элира: [11] «Мисаран паччахь волчу пирӀунна тӀе а гӀой, исраилхой шен махкара дӀабахийта ала цуьнга».

[12] Амма Мусас жоп делира: «Исраилхошна а ца лаьа соьга ладогӀа, пирӀунна-м муххале а луур дац. Цу тӀе сан къамел говза а дац».

[13] Мусаца а, АхӀаронца а къамел а дина, Везачу Эло царна тӀедиллира Исраилан халкъаца а, пирӀунца а къамел дар. Исраилхой Мисар-махкара арабахар цу шинна тӀедожийра Цо.

### Мусан а, АхӀаронан а дай

[14] Мусан а, АхӀаронан а дайн тӀаьхьенаш хӀорш яра:

Исраилан хьалхарчу кӀентан цӀе Раабан яра. Раабанан кӀентий бара Хьанах, Палу, Хьацрани, Карма. Царах Раабанах схьадевлла гаранаш хилира.

[15] ШимӀин кӀентий бара Емуал, Ямин, АхӀад, Якин, ЦӀохьар, канаӀанхочо вина Шаул. Царах ШимӀех схьадевлла гаранаш хилира.

[16] †Леви бӀе ткъе вуьрхӀитта шарахь вехира. Цуьнан кӀентий бара ГӀиршан, КхахӀат, Мерари.
[17] ГӀиршанан кӀентий бара Ливани а, ШамаӀи а.

[18] КхахӀат бӀе ткъе кхойтта шарахь вехира. Цуьнан кӀентий бара Ӏамрам а, Ицхьар а, Хьеврон а, Ӏузиал а.

[19] Мерарин кӀентий бара Махьли а, Мушхьи а.

Уьш шайн тайпанашца йолу Левин тӀаьхьенаш яра.

[20] Ӏамрам бӀе ткъе вуьрхӀитта шарахь вехира. Цо шен дейиша Йохабадат ялийра. Церан ши кӀант вара – АхӀарон а, Муса а.

[21] Ицхьаран кӀентий бара Кхорахь а, Непаг а, Зикра а.

[22] Ӏузиалан кӀентий бара Мишаал а, Элцапан а, Ситар а.

[23] АхӀарона Ӏамминадабан йоӀ а, Нахьшонан йиша а йолу Элисат ялийра. Цо АхӀаронна вира Надаб а, АбихӀу а, ЭлиӀазар а, Итамар а.

[24] Кхорахьан кӀентий бара Асар а, Элкхан а, Абуасап а. Царах Кхорахьах схьадевлла гаранаш хилира.

[25] АхӀаронан кӀанта ЭлиӀазара Путиалан йоӀарех цхьаъ ялийра. Зудчо ЭлиӀазарна Пайнехьас вира.

Левин тӀаьхьенаш яра уьш шайн гаранашца.

[26] АхӀарон а, Муса а шайга Везачу Эло Мисар-махкара низам долуш йинчу тобанашкахь исраилхой арабаха аьлла шиъ вара. [27] Цара аьллера Мисаран паччахье, пирӀуне, исраилхой Мисар-махкара дӀабахийта аьлла. И шиъ вара Муса а, АхӀарон а.

[28] Цу хенахь Везачу Эло Мусаца Мисар-махкахь къамел дира. [29] Везачу Эло цуьнга элира: «Со Веза Эла ву! Мисаран паччахье, пирӀуне, Ас хьайга аьлларг дерриг а дӀаала».

[30] Амма Мусас жоп делира: «Сан къамел говза дац, соьга ладугӀур дуй те пирӀуно?»

7 Амма Везачу Эло Мусага элира: «Ас хьо пирӀунна тӀехь Дела хӀоттийна, ткъа хьан ваша АхӀарон хьан туркх хир ву. [2] Ас хьайна тӀедиллинарг дерриг а дӀаэр ду ахь. Ткъа хьан вашас АхӀарона пирӀуне эр ду, цуьнга исраилхой шен махкара дӀахеца аьлла. [3] ††Амма пирӀунан дог а чӀагӀдина, Мисар-махкахь дуккха а Сайн билгалонаш а, тамашийна хӀуманаш а гойтур ду Ас.
[4] Ткъа пирӀуно шуьга ладугӀур дац, тӀаккха луьра таӀзарш а деш, Сайн куьйга охьатаӀор ю Ас Мисар. Сайн бӀо, Сайн халкъ, Исраилан кӀентий, Мисар-махкара арабохур бу Ас. [5] ТӀаккха хуур ду мисархошна Со Веза Эла вуйла. Сайн ницкъ Мисарна тӀе а берзийна, мисархошна юкъара Исраилан кӀентий арабохур бу Ас».

[6] Везачу Эло шайна тӀе-ма-диллара, гӀуллакх кхочушдира Мусас а, АхӀарона а. [7] Мусан дезткъа шо дара, ткъа АхӀаронан дезткъе кхоъ шо дара цу хенахь.

### АхӀаронан Ӏаса

[8] Везачу Эло Мусага а, АхӀароне а элира: [9] «Нагахь пирӀуно тамашийна хӀума гайта алахь, ахь АхӀароне ала: „Хьайн Ӏаса схьа а эций, пирӀунна хьалха охьакхосса“. Ӏасанах лаьхьа хир бу».
[10] ПирӀун волчу а веана, Везачу Эло ма-бохху дира Мусас а, АхӀарона а. АхӀарона шен Ӏаса пирӀунна а, цуьнан уллорачарна а хьалха охьакхоьссира – Ӏасанах лаьхьа хилира. [11] ТӀаккха пирӀуно шен хьекъал долу нах а, бозбунчаш а схьакхайкхира. Цара, жиналла а лелийна, АхӀарона диннарг дира.
[12] Царах хӀорамма а шен Ӏаса охьакхоьссича, царах лаьхьарчий хилира. Амма АхӀаронан Ӏасано дӀакхаьллира церан Ӏасанаш. [13] ПирӀунан дог чӀагӀделира. Везачу Эло ма-аллара, цо ла ца дуьйгӀира Мусага а, АхӀароне а.

### Хьалхара таӀзар: цӀий

[14] ТӀаккха Везачу Эло Мусага элира: «ПирӀун ша бохучунна тӀехь лаьтташ ву, ца лаьа цунна халкъ дӀахеца. [15] Кхана пирӀун волчу гӀо. Иза Нил-хин берда йисте веача, цунна дуьхьал дӀахӀотта, шех лаьхьа хилла Ӏаса хьайн буйна а лаций. [16] Ахь цуьнга ала: „Везачу Эло, Ӏебархойн Дала, ваийтина со хьоьга дӀаала: ‘ДӀахеца Сан халкъ яьссачу арахь Суна Ӏибадат дайта. ХӀинццалц ахь ла ца доьгӀна Цуьнга. [17] ‡Везачу Эло боху, хӀинца хуур ду хьуна Ша Веза Эла вуйла. Ас сайн карара хӀара Ӏаса Нил-хи тӀе тухур ю, цу хих тӀаккха цӀий хир ду. [18] Хи чуьра чӀара а лийр бу, хих боьха хьожа а йогӀур ю. Мисархошна дегаза хетар ду и хи мала’“».

† 6:16-19 *Лелар 3:17-20; 26:57, 58; 1 Шерашкахь 6:16-19.*

†† *7:3 Векалийн 7:36.* ‡ *7:17 Довзийтинарг 16:4.*

19 Везачу Эло Мусага элира: «ДӀаала АхӀароне,
шен Ӏаса карахь йолу куьг дерриг а хиш тӀехула а,
Ӏаьмнашна а, шена чохь хи долчу меттигашна а
тӀехула лаца алий. Хих цӀий хир ду. Берриг а Мисар-
махкахь ур-атталла дечиган а, тӀулган а пхьегӀаш
чохь хина метта цӀий хир ду».
20 Везачу Эло тӀе-ма-диллара, гӀуллакх
кхочушдира Мусас а, АхӀарона а. Шен Ӏаса хьала а
айина, пирӀунан а, цуьнан уллорачеран а
бӀаьргашна хьалха Нил-хи тӀе туьйхира АхӀарона.
Дерриг а хих цӀий хилира. 21 Хи чуьра чӀерий а
делира, хи а телхира. Мисархошка иза мала ца
лора. Берриг а Мисар-махкахь хинан метта цӀий
дара. 22 Мисарара бозбунчаша, шайн жиналла а
лелийна, кху шиммо диннарг дира. ТӀаккха
пирӀунан дог чӀагӀделира, Везачу Эло ма-аллара,
Мусага а, АхӀароне а ла ца дуьйгӀира цо. 23 Шена
гиначух шек а ца велира пирӀун. Юха а вирзина,
шен цӀа вахара иза. 24 Шайна мала хи даккха Нил-
хина юххехь гӀунаш яха хӀиттира мисархой, хӀунда
аьлча важа хи малалуш дацара.
25 ВорхӀ де дӀаделира Везачу Эло Нил-хина таӀзар
диначул тӀаьхьа.

### ШолгӀа таӀзар: пхьидарчий

8 Юха Везачу Эло Мусага элира: «Ваха а гӀой,
пирӀуне Везачу Эло боху ала: „ДӀахеца Сан
халкъ, цуьнга Суна Ӏибадат дайта. 2 Нагахь хьо иза
дӀахеца реза ца хилахь, Ас хьан мохк пхьидех
хьалабузур бу. 3 Хи пхьидех сийсаш хир ду, уьш
хьан цӀа чу а, хьо дӀавуьжучу метта а, хьан
уллорачеран а, хьан халкъан а цӀенош чу евр ю,
хьан пешаш чу а, текхаш чу а евр ю. 4 Хьуна а, хьан
халкъана а, массо а хьан уллорачарна а тӀехула
лелар ю пхьидарчий“».
5 Везачу Эло Мусага кхин а элира: «АхӀароне
дӀаала, шен Ӏаса карахь йолу куьг хишна а,
татолашна а, Ӏаьмнашна а тӀехула лаца алий.
ТӀаккха берриг а Мисар-мохк пхьидех хьалабузур
бу». 6 АхӀарона шен куьг Мисаран хиш тӀехула
лецира. Пхьидаша, хьала а евлла, берриг а Мисар-
мохк дӀалецира. 7 Амма бозбунчаша а, шайн
жиналла а лелийна, изза дира. Цара а пхьидарчий
Мисар-мехкан лаьтта тӀе ехира.
8 ПирӀуно, Мусага а, АхӀароне а тӀе а кхайкхина,
элира: «Везачу Эле доӀа де, со а, сан халкъ а
долчуьра пхьидарчий дӀаяха алий. ТӀаккха ас
Исраилан халкъ дӀахоьцур ду, Везачу Элана сагӀа
даккхийтархьама».
9 Мусас элира пирӀуне: «Айхьа хан тоха суна, маца
лаьа хьуна ас хьох а, хьан уллорачарах а, халкъах а
доӀа дан, пхьидарчий шун цӀенош чуьра дӀа а
евлла, Нил-хи чохь бен ца йисийта?»
10 ПирӀуно элира: «Кхана».
ТӀаккха Мусас элира: «Ахь ма-аллара хир ду, тхан
Веза Дела саннарг цхьа а воцийла хьуна хаийта.
11 Хьо волчуьра а, хьан цӀеношкара а, хьан
уллоранаш а, халкъ а долчуьра а пхьидарчий
дӀаевр ю. Уьш Нил-хи чохь бен юьсур яц». 12 Муса а,
АхӀарон а пирӀун волчуьра дӀавахара. Мусас Везачу
Эле доӀа дира, пхьидарчий дӀаяха аьлла. 13 Везачу
Эло жоп делира цуьнан доӀанна. Пхьидарчий
цӀенош чохь а, уьйтӀенашкахь а, арахь а елла
Ӏоххура. 14 Уьш оьланашка гулйира наха. Яхкалуш
йолчу церан хьожано дӀалецира берриг а мохк.
15 ПаргӀато яьллийла а гина, шен дог чӀагӀдира
пирӀуно. Везачу Эло ма-аллара, ла ца дуьйгӀира цо
Мусага а, АхӀароне а.

### КхозлагӀа таӀзар: кегийра чуьркаш

16 Юха Везачу Эло Мусага элира: «АхӀароне ала,
шен Ӏаса лаьттах тоха алий. Лаьттан ченах берриг а
Мисар-мохк дӀалаьцна кегийра чуьркаш хир ю».
17 Иштта дан а дира цара. АхӀарона шен Ӏаса
лаьттах туьйхира – адамашна а, даьхнина а тӀехь
кегийра чуьркаш гучуевлира. Берриг а Мисар-
махкахь лаьттан ченах кегийра чуьркаш хилира.
18 Бозбунчаш а гӀоьртира шайн ницкъаца ченах
кегийра чуьркаш ян, амма церан гӀуллакх ца
хилира. Кегийра чуьркаш адамашна а, даьхнина а
тӀехь яра. 19 †ТӀаккха бозбунчаша пирӀуне элира:
«Иза Делан ницкъаца ду», – аьлла. Амма дог
чӀагӀделла Ӏачу пирӀуно цаьрга ла ца дуьйгӀира,
Везачу Эло ма-аллара.

### ДоьалгӀа таӀзар: жӀаьлийн мозий

20 Юха Везачу Эло Мусага элира: «Кхана, хьалхе
хьала а гӀаттий, пирӀунна хьалха хӀотта. Иза хин
йисте гӀур ву. Ахь цуьнга ала: „Везачу Эло боху:
‘Суна Ӏибадат дайта Сан халкъ дӀахеца. 21 Нагахь ахь
Сан халкъ дӀа ца хецахь, Ас хьуна а, хьан
уллорачарна а, хьан халкъана тӀе а, хьан цӀенош чу
а жӀаьлийн мозий хоьцур ду. Мисархойн цӀенош а,
уьш тӀехь Ӏаш болу латта а жӀаьлийн мозех дузур
ду. 22 Сан халкъ тӀехь Ӏаш долу ГӀашан-мохк
дӀакъастор бу Ас, цигахь жӀаьлийн мозий хир дац.
ТӀаккха хьуна хуур ду, Со, Веза Эла, кху махкахь
вуйла. 23 Ас Сайн а, хьан а халкъашна юкъахь
башхо йийр ю ††. Кхана и тамашийна билгало
кхочуш хир ю’“». 24 Везачу Эло иштта дан а дира.
ПирӀунан а, цуьнан уллорачеран а цӀеношка
жӀаьлийн мозий даьхкира. Цу мозаша хӀаллакбеш
бара берриг а мохк.
25 Мусай, АхӀаронний тӀе а кхайкхина, пирӀуно
элира: «Даха а гӀой, кху лаьтта тӀехь шайн Далла
сагӀа даккха».
26 Амма Мусас жоп делира: «Иза далур дац,
мисархошна дегаза хета оха тхайн Везачу Далла
сагӀа даккхар. Нагахь шайна дегаза долу сагӀа
церан бӀаьргаш хьалха оха даьккхича, тхуна
тӀулгаш деттар дац цара? 27 Кхаа денна яьссачу ара
дӀа а дахана, тхайн Везачу Далла сагӀа доккхур ду
оха, Цо ма-аллара».

---

† *8:19 Лака 11:20.* †† *Кхечу тептарш тӀехь яздина ду *– Сан халкъ хьайчух шен кӀелхьардаларца къаьсташ хир ду.**

28 ПирIуно элира: «Ас дохуьйтур ду шу шайн
Везачу Далла яьссачу арахь сагIа даккха, амма гена
дIа ма гIо. Сох лаций доIа а де».
29 Мусас элира: «Хьо волчуьра дIа а вахана,
Везачу Эле доIа дийр ду ас, тIаккха кхана пирIун
волчуьра а, цуьнан уллоранаш а, халкъ а долчуьра
а жIаьлийн мозий дIадевр ду. Амма ахьа а
Исраилан халкъ ледан ца деза, Везачу Элана сагIа
даккха иза доьдуш, юха а новкъарло а йина».
30 ПирIун волчуьра дIа а вахана, Везачу Эле доIа
дира Мусас. 31 Мусан доIанна жоп делира Везачу
Эло. ПирIун а, цуьнан уллоранаш а, халкъ а
долчуьра мозий дIадехира Цо, цхьа а ца буьтуш.
32 Амма юха а шен дог а чIагIдина, халкъ дIа ца
хийцира пирIуно.

## ПхоьалгIа таIзар: даьхни тIехь цамгар

9 Везачу Эло Мусага элира: «ПирIун волчу а
гIой, дIаала цуьнга: „Везачу Эло, Iебархойн
Дала, иштта боху хьоьга: ‘ДIахеца Сан халкъ цуьнга
Суна Iибадат дайта’. 2 Нагахь санна дIахеца ца
лууш, ахь иза кхин а сецадахь, 3 Везачу Эло шен
таIзар хьан арахь лаьттачу даьхнина тIе дерзор ду.
Хьан говрашна, варрашна, эмкалшна, стерчашна,
уьстагIашна, гезаршна тIе даьIнаш долу луьра ун
кхетар ду. 4 Везачу Эло исраилхойн а, мисархойн а
даьхни доькъур ду. Исраилан халкъан даьхнина
юкъара цхьа а хьайба лийр дац“». 5 Юха хан
билгалъяьккхира Везачу Эло: «Кхана Ас дийр ду
иза кху лаьтта тIехь».
6 ШолгIачу дийнахь Ша аьлларг кхочушдира
Везачу Эло. Мисархойн дерриг а бежанаш делира,
ткъа исраилхойн цхьана а хьайбанна хIумма а ца
хилира. 7 ПирIуно хьовса бахийтира, исраилхошна
зен хиллий, амма церан цхьа а хьайба ца деллера.
Юха а дог а чIагIдина, халкъ дIа ца хийцира
пирIуно.

## ЯлхалгIа таIзар: наткъарш

8 Везачу Эло Мусага а, АхIароне а элира:
«Канашкахь пешара юкъ схьа а эций, Мусага
ирхкхоссийта иза, пирIунна а гуш. 9 Берриг а
Мисар-махкахь цу овкъарх чан а гIаьттина,
адамашна а, даьхнина а, ноткъа а еш, чевнаш хир
ю». 10 †Пешара юкъ а эцна, пирIунна хьалха
хIоьттира Муса а, АхIарон а. Мусас юкъ
ирхкхоьссича, адамашна а, даьхнина а тIехь
чевнаш хIиттира, ноткъа а йолуш. 11 Бозбунчаш
Мусана дуьхьал ца бовла белира, хIунда аьлча уьш
а, массо а мисархо санна, тIехь чевнаш йолуш
бара. 12 Амма Везачу Эло чIагIдинера пирIунан дог,
цо ла ца дуьйгIира вежаршка, Везачу Эло Мусага
ма-аллара.

## ВорхIалгIа таIзар: къора

13 Юха Везачу Эло Мусага элира: «Кхана хьалхе
хьала а гIаттий, пирIунна тIе а гIой, дIаала цуьнга:
„Везачу Эло, Iебархойн Дала, боху: ‘ДIахеца Сан
халкъ цуьнга Суна Iибадат дайта. 14 ХIинца Ас Сайн
дерриг а таIзарш дохкуьйтур ду хьуна а, хьан
уллорачарна а, халкъана а тIе, Соьга кхочуш
дуьнен тIехь цхьа а воцийла хьуна хаийта. 15 Сан
куьг шуна тIехула айина ду, хьо а, хьан халкъ а
лаьтта тIера дIадаккхал цамгар яийта ницкъ бу
Соьгахь. 16 ††Ас Сайн ницкъ гайта витина хьо,
дуьнен тIехь массо а адамна Сайн цIе йовзийта.
17 Амма хьо хIинца а Сан халкъана дуьхьало еш ву,
иза дIа ца хоьцуш. 18 Цундела Ас кхана, хIоккху
хенахь, Мисара кхоьллинчхьана а ца хилла йолу
къора тухур ю. 19 Хьайн даьхни а, арахь дерг дерриг
а къайладаккхa. Арахь дисинчу адамашна а,
даьхнина а тIе къора а кхетта, уьш хIаллакьхир
ду’“». 20 Везачу Элан дешнех кхерабеллачу пирIунан
цхьаболчу уллорачара сихонца шайн леш а,
даьхни а цIеношкахь дIагулдира. 21 Ткъа Везачу
Элан дешнаш дагаца тIе ца лаьцначара шайн леш
а, даьхни а арахь дитинера.
22 Везачу Эло Мусага элира: «Хьайн куьг стигала
хьалакховдаде, адамашна а, даьхнина а, арарчу
бацана а, берриг а Мисар-махкана а тIе къора
кхетар ю». 23 Мусас шен Iаса стигала
хьалахьажийра. Везачу Эло, стигал а къовкъийна,
къора туьйхира. Лаьттах детталуш стелахаьштигаш
дара, серладуьйлуш. Берриг а Мисар-махкана тIе
къора туьйхира Везачу Эло. 24 ‡Къора яра
схьайогIуш, цунна юккъехула лепаш
стелахаьштигаш а дара. Мисар-махка тIе адам даха
хиъначхьана ца хилла йолу чIогIа къора яра иза.
25 Арахь дерг адамна тIера даьхнина тIе кхаччалц
хIаллакдира къорано, буц а дIаяьккхира, дитташ а
кегдира. 26 Амма исраилхой Iаш болчохь,
ГIашанахь, къора ца туьйхира.
27 Мусага а, АхIароне а схьа а кхайкхина, пирIуно
элира: «ХIинца ас къа латийна. Веза Эла бакъ ву,
ткъа со а, сан халкъ а бехке ду. 28 ДоIа де Везачу
Эле, къора а, стигал къекъор а сацаде алий. Ас
дIадохуьйтур ду шу, кхин сеца ца деш».
29 Мусас цуьнга элира: «Ас, гIалех ара а ваьлла,
Везачу Эле куьйгаш а айина, доIа ма-диннехь,
стигал а къекъар яц, къора а соцур ю. ТIаккха хуур
ду хьуна латта Везачу Элан дуйла. 30 Амма суна
хаьа, хьо а, хьан уллоранаш а хIинца а Делах,
Везачу Элах, ца кхоьрийла».
31 Вета а, мукх а хIаллакдинера, хIунда аьлча
мекхо кан хецнера, ткъа ветано хIу теснера.
32 ТIаьхьа кхуьуш долу дела, кIена хIумма а ца
хиллера.
33 ПирIун волчуьра ара а ваьлла, Везачу Эле
куьйгаш кховдийра Мусас. Стигал къекъар а, къора
а сецира, лаьтта тIе оьху догIа а дIатийра. 34 ДогIа а,

† 9:10 Довзийтинарг 16:2.

†† 9:16 Римхошка 9:17. ‡ 9:24 Довзийтинарг 8:7; 16:21.

къора а, стигалан къекъар а сецна а гина, хьалха
санна, харцо йира пирIуно. Иза а, цуьнан
уллоранаш а юха а дуьхьалбевлира. 35 Дог а
чIагIдина, исраилхой дIа ца хийцира пирIуно,
Везачу Эло Мусагахула ма-аллара.

### БорхIалгIа таIзар: цIоз

10 Везачу Эло Мусага элира: «ПирIун волчу гIо.
Цуьнан а, цуьнан уллорачеран а дегнаш
чIагIдина Ас, Сайн тамашийна билгалонаш царна
гайтархьама. 2 Хьоьга хьайн тIаьхьене а,
тIаьхьенийн тIаьхьене а дийцийта лаьа Суна
Мисарахь Ас диначух а, гайтинчу билгалонех а
лаьцна, шуна Веза Эла Со вуйла хаийта».
3 Мусас а, АхIарона а, пирIунна тIе а веана, элира:
«Везачу Эло, Iебархойн Дала, боху: „Хьо дукха Iан
воллий Суна къар ца луш? ДIахеца Сан халкъ Суна
Iибадат дайта. 4 Нагахь ахь Сан халкъ дIа ца
дахийтахь, кхана Ас хьан махка тIе цIоз хоьцур ду.
5 Цо дерриг а латта къайладоккхур ду. Къора тоьхча
шун диснарг а, цул тIаьхьа арарчу дитташ тIе
хьаладаьлларг а дIадуур ду цо. 6 Хьан цIенош а,
хьан уллорачеран а, массо а мисархочун цIенош а
хьаладузур ду цIазо. И саннарг гина дац хьан
дайшна а, дайн дайшна а шаьш кху лаьтта тIехь
Iаш мел бу“». Юха а вирзина, пирIун волчуьра
аравелира Муса.
7 ТIаккха цунна уллорачара элира пирIуне: «И
халкъ бахьана долуш кхин мел бала хьега деза
вай? ДIахецахьа уьш шайн Везачу Далла *Iибадат
дан*. Хьуна ца го, берриг а Мисар-мохк
хIаллакьхуьлуш хилар?»
8 ПирIуно Муса а, АхIарон а схьакхайкхира. Цо
цаьрга элира: «Даха а гIой, шайн Везачу Далла
Iибадат де. Мила гIур ву шух цига?»
9 «Берриш а гIур бу, – жоп делира Мусас, – жима а,
воккха а. Тхайн кIентий а, йоIарий а, тхайн кегий а,
даккхий а даьхни а эцна гIур ду тхо, хIунда аьлча
Везачу Элана лерина деза де ду тхан».
10 ПирIуно элира: «Шун бераш шуьца дIадахийта
со резавелахь, Волуш Волу Дела билггала шуьца
хир ву! Гой шуна, вон хIума ду шуна дагахь.
11 Цундела берриш а ас бохуьйтур бац. Божарша,
баха а гIой, Везачу Элана гIуллакх де, шаьш соьга
иза ма-деххара». Цул тIаьхьа Мусай, АхIаронний
пирIун волчуьра араваьккхира.
12 ТIаккха Везачу Эло Мусага элира: «Хьайн куьг
Мисар-махкана тIехула дIалаца, кху махка тIе цIоз а
летта, арара буц а, къора тоьхча диснарг дерриг а
дIадуийла цо». 13 Мусас шен Iаса Мисар-махкана
тIехула дIалецира. Везачу Эло кху лаьтта тIе
баийтира малхбалера мох, иза цу дийнахь, буса а
хьийкхира. Iуьйре тIееача, малхбалерчу мохо цIоз
деара. 14 †Инзаре дукха цIоз тIелетира берриг а
Мисар-махкана. Хьалха а ца хиллера Мисарахь сел
дукха цIоз я тIаьхьа а хир дац. 15 Цо, къайла а
доккхуш, дерриг а латта дIалаьцнера. Къора тоьхча
дисина долу лаьттара дерриг ялта а, дитташ тIера
стоьмаш а дIабиира цIазо. Берриг а Мисар-махкахь
я дитташ тIехь а, я арарчу баца тIехь а соьналлех
хIума ца дисира.
16 Мусай, АхIаронний сихонца тIе а кхайкхина,
пирIуно элира: «Шун Везачу Далла а, шуна а хьалха
къа латийна ас. 17 Кхин цкъа а гечдейша суна.
Шайн Везачу Деле доIа дейша, со хIокху Iожаллех
кIелхьарваккха алий». 18 ПирIун волчуьра ара а
ваьлла, Везачу Эле доIа дира Мусас.
19 Малхбузехьара дуьхьал чIогIа мох хьаккхийтира
Везачу Эло. Цу мохо дадийна цIоз Эрзан хIорда †† чу
кхоьссира. Берриг а Мисар-махкахь цхьа а цIоз а ца
дисира. 20 Амма Везачу Эло дог чIагIдина волчу
пирIуно Исраилан халкъ юха а дIа ца дахийтира.

### УьссалгIа таIзар: бода

21 Юха Везачу Эло Мусага элира: «Хьайн куьг
стигала кховдаде, тIаккха берриг а Мисар-махкахь
буькъа бода хIуттур бу». 22 ‡Мусас шен куьг стигала
кховдийча, Мисарахь кхаа дийнахь буькъа бода
хIоьттира. 23 Вовшийн ган а ца гуш, шаьш Iачуьра
хьала а ца гIовттуш кхо де даьккхира наха, ткъа
исраилхойн цIенош долчохь серло яра.
24 Мусага тIе а кхайкхина, пирIуно элира: «Даха а
гIой, Везачу Элана Iибадат де. Шайн бераш а дига
шайца, амма кегий а, даккхий а даьхни ца дуьгуш,
бухахь дита».
25 Амма Мусас элира: «Ахь-айхьа яла еза тхуна
бакъо тхайн Везачу Далла сагIа даккха ‡†. 26 Оха
тхайн дерриг а тхешан даьхни дIадуьгур ду, цхьа
берг буха а ца юьтуш, хIунда аьлча цу юккъера ду
оха тхешан Везачу Далла даккха дезаш долу сагIа.
Тхаьш цига дIакхаччалц тхуна ца хаьа, Везачу
Элана сагIина хIун хьайба ден деза».
27 Везачу Эло дог чIагIдинчу пирIунна уьш дIахеца
ца лиира. 28 ТIаккха пирIуно Мусага элира: «Яхийта
кхузара! Ларлолахь, кхин суна дуьхьал ма
воьллахь. Сан юьхь гинчу дийнахь лийр ву хьо».
29 Мусас жоп делира: «Ахь ма-аллара хир ду, кхин
хьан юьхь гур яц суна».

### УьтталгIа таIзар: мисархойн дуьххьара бина кIентий балар

11 Везачу Эло Мусага элира: «Кхин цхьа бохам а
хуьлуьйтур бу Ас пирIунна а, мисархошна а.
Цул тIаьхьа цо шу дIахоьцур ду. Цу хенахь цо шу
дерриш Мисар-махкара сихонца дIалохкур ду.
2 Амма и хилале, ахь дIаала исраилхошка, массо а
божарша а, зударша а шайн уллорачаьрга, шайн
лулахошка дато а, дашо а хIуманаш еха еза».
3 Везачу Эло мисархой Шен халкъана реза бира.

† *10:14, 15 Довзийтинарг 9:2, 3.*

†† *Эрзан хIорд *– таханлерчу дийнахь иза, схьахетарехь, ЦIен хIорд бу.** ‡ *10:22 Забур 105:28; Довзийтинарг 16:10.* ‡† *Ахь-айхьа яла еза тхуна бакъо тхайн Везачу Далла сагIа даккха *– я иштта: *Ахь-айхьа ло тхуна сагIина яла езарг, тхайн Везачу Далла оха сагIа доккхуш.**

Ткъа Муса пирIунан уллорачара а, мисархоша а
шайн махкахь чIогIа лоруш вара.
[4] Мусас пирIуне элира: «Везачу Эло боху: „Буьйса
юккъе яхача, Со Мисарахула чекхвер ву. [5] Мисар-
махкахь хIорра а дуьххьарлера кIант лийр ву,
паччахьан гIанта тIехь Iаш волчу пирIунан
кIантана тIера кIа оруш йолчу гIарбашан кIантана
тIекхаччалц. Даьхних а хьалха дуьнен тIе даьлла
боьрша хьайба лийр ду. [6] Цкъа а хьалха хилла а
доцу я тIаьхьа хин а доцу белхар хир ду берриг а
Мисар-махкахь. [7] Исраилхойх цхьанна а хIумма а
хир дац, царна жIаьла а летар дац. Я стагана а, я
хьайбанна а хIума хир дац царна. ТIаккха шуна
хуур ду, Везачу Эло хIун башхо йо мисархошна а,
исраилхошна а юкъахь“. [8] ТIаккха хьан берриш а
леш, тIе а баьхкина, суна хьалха охьатаьIар бу.
Цара эр ду: „Хьайн халкъ а эций, дIагIо“. Цул
тIаьхьа со дIагIур ву». ПирIун волчуьра, чIогIа
оьгIаз а вахана, аравелира Муса.
[9] Везачу Эло Мусага аьллера: «ПирIуно шуьга
ладугIур дац, Мисар-махкахь Сан тамашийна
билгалонаш алсамйовлийтархьама». [10] И ерриг а
тамашийна билгалонаш пирIунна хьалха гайтира
Мусас а, АхIарона а, амма, Везачу Эло дог а
чIагIдина, пирIуно шен махкара дIа ца бахийтира
исраилхой.

## Пасахь

12 †Мисар-махкахь Везачу Эло Мусага а,
АхIароне а элира: [2] «ХIара бутт шеран
дуьххьарлера бутт хир бу шун. [3] ДIаала берриг а
исраилхошка: хIокху беттан уьтталгIачу дийнахь
хIораммо а цхьацца Iахар я буьхьиг эца шен
доьзална. [4] Нагахь санна Iахар баа ца баллал
доьзал жима белахь, шена уллорачу лулахочуьнца
юкъахь схьаэца и Iахар. Шайн доьзалхошка
хьаьжжина, цхьа Iахар массарна а кхаччал
декъало. [5] Iахар боьрша а, цхьа а сакхт доцуш а,
цхьа шо кхаьчна а хила беза. Iахар я буьхьиг а
мегар ю. [6] Кху беттан дейтталгIа де тIекхаччалц иза
Iалашбан беза. Цу дийнахь, суьйренан бода
тIебеача, массо а доьзалехь кечбина болу Iахар
бен беза. [7] И Iахар буун болчу цIеношкахь неIаран
гуран шинне агIор а, неIаран дукъо тIе а Iахаран
цIий хьакха. [8] Цу буссехь цIера тIехь деттина
Iахаран жижиг дIадаа деза аш. Иза къаьхьачу
бецашца а, совсазчу баьпкаца а даа деза. [9] Цунах
датта далаза диснарг а ма даа, я кхехкийнарг а ма
даа. Корта а, когаш а, чоко а дIа а ца йоккхуш,
цIера тIехь даттий, дIадаа иза. [10] Iуьйре хилале
цунах хIумма а ма дита, амма дуьсуш хилахь,
сахилале цIера тIехь дагаде диснарг. [11] И кхача
буучу хенахь шу тIе хIума юьйхина хила деза, юкъ
а йихкина, когахь мачаш а йолуш. ХIума сихонца
яа еза аш. Некъан Iаса карахь хила еза шун. Иза
Везачу Элан Пасахь †† ду.
[12] Цу буса Мисарахула чекхвер ву Со. Доьзалехь
хьалха дуьнен чу даьлларг дуьйр ду Ас, адамна
тIера хьайбанна тIекхаччалц. Мисархойн массо а
деланашна тIехь кхел йийр ю Ас. Со Веза Эла ву.
[13] Шун цIенош тIехь долу цIий Суна билгало хир ю.
ЦIий гича, Со шуна уллохула тIехвер ву. Ас Мисар-
махкана таIзар дечу хенахь, шуна цхьа а зулам хир
дац. [14] ‡Цундела таханлера де гуттар а дагахь
латтаде, цу дийнахь аша дагадоуьйтур ду Ас шайна
динарг. И де даздарца шун тIаьхьенаша гуттар а
йолчу хенахь Веза Эла лорур ву».

## Совсазчу баьпкан деза де

[15] «ВорхI дийнахь совсаза бепиг даа.
Дуьххьарлерчу дийнахь шайн цIенош чуьра бод
совсо хIума дIаяккха, хIунда аьлча цу деношкахь
совсийна хIума йиъна рг исраилхошна юкъара
дIаваккха веза. [16] Хьалхарчу а, ворхIалгIачу а
дийнахь беза гулам дIахIотто беза аша. Цу
деношкахь цхьа а тайпа болх бан мегар дац, яа
хIума кечъяр бен. [17] Совсазчу баьпкан дезде
дагахьлатто деза аша, хIунда аьлча цу дийнахь шун
тобанаш Мисар-махкара араяьхна Ас. И де шун
тIаьхьенаша а латто деза дагахь, гуттар а йолчу
ханна тIедиллина долу дела. [18] Хьалхарчу беттан
дейтталгIачу дийнан сарахь дуьйна ткъе
цхьалгIачу дийнан сарралц совсаза бепиг дуур ду
аш. [19] ВорхI дийнахь шун чохь бод совсо хIума хила
мегар дац. Совсийначу бедах хIума йиъна рг
исраилхошна юкъара эккхо веза, тIевеана стаг
велахь а, я шун махкара вахархо велахь а. [20] Цхьа а
тайпа совсийна хIума ма яа. Миччанхьа шаьш
делахь а, совсаза бепиг даа».

## Дуьххьара Пасахь

[21] Исраилхошна юкъара къаной схьа а кхайкхина,
Мусас элира: «Шайн доьзалшкахь хIораммо а,
схьаэций, Iахар я буьхьиг е Пасахьана лерина.
[22] ТIаккха цуьнан цIий чохь долчу кеда чу кIедачу
ярийн курс а Iоттий, шайн неIаран гурах а,
дукъонах а хьакха. Сахиллалц цхьа а шайн чуьра
ара а ма вала. [23] ‡†Мисарна таIзар дан Веза Эла
веача, Цунна шун неIарийн гурах а, дукъойх а
хьаькхна цIий гур ду. Иза шун цIеношна уллохула
тIехвер ву, Iожаллин малике Цо шу дойуьйтур дац.
[24] И парзаш шуна а, шун тIаьхьенашна а тIейогIу
йолчу ханна тIедехкина ду. Ларделаш уьш.
[25] Везачу Эло шайна лур ду аьллачу латта тIе
шаьш даьхкича, цигахь а кхочушделаш и гIуллакх.
[26] Шайн береша хаттахь: „Иза хIунда деш ду?“ –
аьлла, [27] аша эр ду: „Иза Везачу Элана лерина
Пасахьан сагIа ду. Мисар-махкахь вай долчу хенахь
исраилхойн цIеношна уллохула тIех а ваьлла,
мисархошна таIзар дира Цо, ткъа вайн цIенош
Iалашдира“».

† *12:1-13 Iамалъяр 23:5; Лелар 9:1-5; 28:16; Карлабаьккхинарг 16:1, 2.*

†† *Пасахь *– иза Iебархойн маттахь «тIехвалар» бохург ду.** ‡ *12:14-20 Арадаккхар 23:15; 34:18; Iамалъяр 23:6-8; Лелар 28:17-25; Карлабаьккхинарг 16:3-8.* ‡† *12:23 Iебархошка 11:28.*

ТӀаккха Везачу Элана хьалха охьатаьӀира халкъ
Цуьнга болчу ларамна. [28] Мусагахулий,
АхӀаронехулий Везачу Эло тӀе-ма-диллара, и
гӀуллакх кхочушдира исраилхоша.

### Доьзалехь дуьххьарлера кӀант валийтар

[29] Буьйса юккъе яхача, Везачу Эло Мисар-махкахь
массо а хьалха вина кӀант валийтира, паччахьан
гӀантахь Ӏаш волчу пирӀунан хьалхарчу
доьзалхочунна тӀера набахти чохь волчу стеган
доьзалхочунна тӀекхаччалц. Хьалха дуьнен чу
даьлла боьрша даьхни а далийтира. [30] Буьйсанна
пирӀун ша а, цуьнан уллоранаш а, ерриг Мисар а
хьалагӀаьттира. Доккха белхар хӀоьттира Мисар-
махкахь, хӀунда аьлча чохь велла стаг воцуш цхьа а
доьзал бацара. [31] Цу буссехь тӀе а кхайккхина,
Мусага а, АхӀароне а пирӀуно элира: «Шу а,
исраилхой а, хьала а гӀовттий, дӀадовла сан
халкъана юкъара. Даха а гӀой, Везачу Элана
гӀуллакх де, шаьш ма-аллара. [32] Кегий а, даккхий а
даьхни а шайца дӀадига. ДӀа а гӀо, со декъал а ве!»
[33] Берриг а мисархоша доьхура цаьрга, сихонца
дӀагӀахьара шу бохуш. «Шу дӀа ца гӀахь, тхо массо а
хӀаллакьхир ду!» – бохура цара. [34] Севсина балале
бод схьа а эцна, иза чохь болу пхьегӀаш хӀуманна
юкъа а хьарчийна, белшаш тӀехь дӀаяьхьира
исраилхоша. [35] †Мусас шайга ма-аллара,
мисархошка дато а, дашо а хӀуманаш а, бедарш а
йийхира цара. [36] Везачу Эло мисархой
исраилхошца дика хилийтинера, цара
исраилхошна дукха хӀуманаш елира.

### Исраилхой Мисар-махкара дӀабоьлху

[37] РаӀамсас-гӀалара гӀаш Сакхат-гӀала баха
арабевлира исраилхой. Божарех ялх бӀе эзар гергга
стаг вара царна юкъахь, бераш ца лерича. [38] Дуккха
а кхечу къаьмнех болу нах арабевлира цаьрца
Мисарара. Исраилхоша дӀадуьгуш дуккха а кегий а,
даккхий а даьхни дара. [39] Новкъахь Мисарара
схьабахьачу бедах совсаза хьокхамаш дира цара.
Сихонца цу махкара арабевлла дела, церан бод ца
севсинера, шайна новкъа довлуш яа хӀума кечъян
а ца кхиънера уьш.
[40] ††Исраилхоша Мисарахь диъ бӀе ткъе итт шо
даьккхинера. [41] И хан яьллачул тӀаьхьа, оццу
дийнахь Везачу Элан берриг а бӀо Мисарара
арабелира. [42] И буьйса Везачу Эло ладоьгӀуш
яьккхира. Цо уьш Мисарара арабехира.
Исраилхоша шайн тӀаьхьенашкахь а еза лоруш,
Везачу Элана хьурмат деш йолу буьйса ю иза.
Цундела цара иза сема яккха еза.

### Пасахьан некъаш

[43] Везачу Эло Мусага а, АхӀароне а элира:
«Пасахьан коьрта некъаш ду аш лардан дезаш:
хийрачу махкара цхьа а стаг Пасахьан кхача баа
йиш йолуш вац. [44] Детих эцначу муьлххачу а лено
ша сунтвинчул тӀаьхьа и кхача баа мегар ду.
[45] Нагахь стаг шун махкахь тӀевеана Ӏаш велахь я
иза шун белхало велахь, цуьнан и кхача баа йиш
яц. [46] ‡Цхьана цӀа чохь яа еза Пасахьан яа хӀума,
жижиг ара а ца доккхуш, даьӀахкаш а ца кегъеш.
[47] Массо а исраилхоша кхочушдан деза гӀуллакх ду
иза. [48] Нагахь шуна юкъахь Ӏаш волчу тӀевеанчу
стагана Везачу Элан Пасахь шуьца даздан лаахь,
цуьнан цӀийнах болу боьрша нах сунтбе. ТӀаккха,
шун санна, бакъо хир ю цуьнан Пасахьан кхача
баа. Цхьаннен а сунтваза волчун и кхача баа йиш
яц. [49] Цхьатерра бакъонаш хир ю исраилхочун а,
шуна юкъахь Ӏаш волчу стеган а».
[50] Дерриг а Исраилан халкъ Везачу Эло Мусана а,
АхӀаронна а деллачу омранна тӀетайра. [51] Оццу
дийнахь Везачу Эло Мисар-махкара арабехира
исраилхой, тӀеман бӀо санна.

### Хьалха бина кӀентий Далла лерина хилар

13 Везачу Эло Мусага элира: [2] ‡‡«Исраилхойн
хӀора хьалха вина кӀант а, хьайба а Суна
лерина хилийта, уьш Сан ду».
[3] Мусас халкъе элира: «Шаьш Мисарарчу лоллера
арадевлла хӀара де дагахь латтаделаш. Везачу Эло
Шен ондачу куьйгаца арадаьхна шу кхузара. ХӀара
де дагахь латточу хенахь совсийна бепиг ма
даалаш, [4] хӀунда аьлча кху дийнахь, Авив цӀе йолчу
баттахь шу арадовлуш ду. [5] Везачу Эло канаӀанхойн
а, хьетахойн а, эмархойн а, хьаьвихойн а,
явсайхойн а лаьтта тӀе дуьгур ду шу. Шуьрех а,
мазах а дуьзна токхе и латта шун дайшна лур ду
аьлла, чӀагӀо йинера Везачу Эло. Цундела кху
баттахь хӀара гӀуллакхаш де. [6] ВорхӀ дийнахь
совсаза бепиг даа, ворхӀалгӀачу дийнахь Везачу
Элана лерина дезде хӀоттаде. [7] Совсаза бепиг ворхӀ
дийнахь даа деза. Шун цӀеношкахь а, шун махкахь
а совсийна бепиг хила ца деза цу хенахь. [8] Цу
дийнахь хьайн кӀанте ала: „Везачу Эло, Мисарара
со араволуш, суна динарг бахьана долуш, лору ас
хӀара де“. [9] Куьйга тӀе йихкина хӀума санна
хуьлийла иза хьуна, хьетӀехь йина йолу билгало
санна, хуьлийла. Цу дезачу дийно дагахь латтор ду
хьуна Везачу Элан хьехамах ахь дуьйцуш хила
дезар, хӀунда аьлча Шен боккхачу ницкъаца
Везачу Эло хьо Мисарара араваьккхина. [10] ХӀора
шарахь а и дезде билгалдаьккхинчу дийнахь, лара
а лоруш, дӀакхехьа.
[11] Везачу Эло хьан дайшна лур бу аьллачу
КанаӀан-махка а валийна, и мохк хьайна дӀабелча,
[12] ‡‡доьзалехь хьалха дуьнен чу ваьлла хӀора кӀант
а, боьрша хьайба а Везачу Элана дӀало. [13] Хьалха
хилла йолу вир, цуьнан метта Ӏахар а белла,
паргӀатъяккха. Ткъа ахь иза паргӀат ца яккхахь,
цуьнан ворта кагъе. Иштта, хьалха винчу кӀантана

† 12:35, 36 Арадаккхар 3:21, 22. †† 12:40 Доладалар 15:13; Галатахошка 3:17.

‡ 12:46 Лелар 9:12; Яхьъя 19:36. ‡† 13:2 Лелар 3:13; Лака 2:23. ‡‡ 13:12 Арадаккхар 34:19, 20; Лака 2:23.

тIера а мах бала беза. 14 Хьан кIанта хьоьга хин
йолчу хенахь хаттахь: „И хIунда деш ду?“ – аьлла,
ахь цуьнга ала: „Везачу Эло Шен боккхачу
ницкъаца Мисарара ара а даьхна, лоллехь
долчуьра паргIатдаьхна вай. 15 Вай дIахеца ца лууш
дуьхьалваьллера пирIун, тIаккха Везачу Эло
Мисар-махкара хьалха дуьнен чу даьлла массо а
кIант а, боьрша хьайба а хIаллакдира. Цундела ас
Везачу Элана сагIина лерина хIора хьалха дуьнен
чу даьлла боьрша хьайба дIа а лой, сайн хьалхара
кIант цу мехаца мукъавоккху“. 16 Куьйга тIе йихкина
хIума санна, хьетIехь йолу билгало санна хуьлийла
иза хьуна, Везачу Эло Шен ондачу куьйгаца вай
Мисарара арадахар дагахь латтийта».

## Арадовларан некъ

17 ПирIуно халкъ дIахецча, Дала пIелаштамхойн
лаьттахула ца дигира иза, цигахула некъ боца
белахь а. Дала элира: «Шайн тIом бан дезча, дохко
а бевлла, Мисара юхаберза мега уьш». 18 Цундела
Эрзан хIорда † уллорачу яьссачу арахула дIадигира
Дала халкъ. Иштта, Мисар-махкара герзаца
арабевлира исраилхой. 19 ††Мусас шеца Юсупан
даьIахкаш схьаийцира, хIунда аьлча Юсупа чIагIо
яйтинера исраилхошка: «Дала шу кIелхьардохур ду.
Шаьш дIадоьлхуш, кхузара сан даьIахкаш
дIахьолаш», – аьлла.
20 Сакхат цIе йолчу меттера дIа а бахана, яьсса
аре чекхйолучохь, Атам цIе йолчу меттигна уллохь
севцира уьш. 21 Веза Эла царна хьалхаваьлла
воьдуш вара. Царна некъ гойтуш, дийнахь
марханех хиллачу бIогIамна юкъахь вогIура иза,
буьйсанна – цIеран бIогIамна юкъахь, царна серло
а луш, уьш дийнахь а, буса а дIабахийта.
22 Марханийн бIогIам а, цIеран бIогIам а халкъана
хьалхара дIаболуш бацара.

## Исраилхой хIорда юккъехула бахар

14 Везачу Эло Мусага элира: 2 «Исраилхошка
дIаала, юха а дерзий, Пи-ХIахьират олучу
меттехь совца, буьйса Мигдол цIе йолчу
меттигний, хIорданий юккъехь, БаIал-Цепонна
уллохь яккха. 3 ПирIунна моьттур ду, исраилхой, цу
махкахь тила а белла, яьссачу арено юкъалаьцна
бу. 4 Ас пирIунан дог чIагIдийр ду, тIаккха иза шуна
тIаьхьавер ву. Ткъа Сайн сийлалла Ас пирIунехула
а, цуьнан эскарехула а гойтур ю. ТIаккха
мисархошна хуур ду Со Веза Эла вуйла». Везачу Эло
ма-бохху дира исраилхоша.
5 Мисаран паччахье, пирIуне, хаийтира,
исраилхой бевдда аьлла. ПирIунан а, цуьнан
уллорачеран а исраилхойх йолу ойла хийцаелира.
«И хIун ду вай динарг? ХIунда бахийти вай уьш дIа?
ХIинца вайна болх бан нах а бац», – бохура цара.
6 Шен гIудалкх дIа а йожийтина, тIемалой
вовшахтуьйхира пирIуно. 7 Ялх бIе тоьлла тIеман
гIудалкх а, Мисарахь йолу ерриг а гIудалкхаш а,
царна тIехь болу куьйгалхой а шеца схьаийцира
цо. 8 Везачу Эло дог а чIагIдина, исраилхошна
тIаьхьаваьллера пирIун. Ткъа исраилхой майрра
дIабоьлхуш бара. 9 Мисархой шайн гIудалкхашца а,
дошлошца а, дерриг а эскарца а исраилхошна
тIаьхьабевллера. Пи-ХIахьират олучу меттигна
уллохь, БаIал-Цапонна хьалха царна тIаьхьакхиира
уьш.
10 Исраилхошна эскарца шайна тIевогIу пирIун
гира. Кхера а белла, Везачу Эле кхайкхира уьш.
11 Цара элира Мусага: «Мисарахь дIадохка меттиг а
ца хилла, кхуза, яьссачу ара далийта далийна ахь
тхо? ХIара хIун ду ахь тхуна динарг, цигара ара а
даьхна? 12 ХIара хир ду ца бехира оха хьоьга вай
Мисарахь долуш? „Дитахьа, дацийтахьа тхо
мисархошна“, – ца бехира оха? Мисархойн лоллехь
хилар гIоле дара-кх тхуна, яьссачу арахь лечул».
13 Амма Мусас халкъе элира: «Кхера а ца кхоьруш,
дIахIиттий латта, Везачу Эло тахана шаьш
кIелхьардахар гур ду шуна. ХIинца гуш болу
мисархой кхин цкъа а гур бац шуна. 14 Везачу Эло
шун дуьхьа тIом бийр бу, шун хIумма а дан ца
деза».
15 Везачу Эло Мусага элира: «Соьга хIунда кхойкху
хьо? Исраилхошка дIадуьйлало ала. 16 Ткъа ахь
хьайн некъан Iаса хIорда тIехула дIалаца. ХIорд
бекъа а белла, исраилхой цунна бухахь долчу
лаьтта тIехула чекхбевр бу. 17 Ас мисархойн дегнаш
чIагIдийр ду, тIаккха уьш исраилхошна тIаьхьагIур
бу. Сайн сийлалла гойтур ду Ас, пирIунна а, цуьнан
эскарна а, гIудалкхашна а, дошлошна а тIехь толам
а баьккхина. 18 Аса пирIунна тIехь а, цуьнан
гIудалкхашна тIехь а, цуьнан дошлойшна тIехь а
Сайн сийлалла гайтича, тIаккха хуур ду
мисархошна Со вуйла Веза Эла».
19 Исраилхошна хьалхадаьлла хилла Делан *Малик*
царна тIехьа хIоьттира, тIаккха юьхь-дуьхьал хилла
марханийн бIогIам а нахана тIехьа хIоьттира.
20 Мисархошна а, исраилхошна а юккъе хIоьттира
марханийн бIогIам. Мисархой болчохь марха а,
бода а бара, ткъа исраилхой болчохь серло яра.
Буьйса дIаяллалц тIеттIа ца бахара уьш.
21 Мусас хIорда тIехула куьг лаьцча, Везачу Эло
малхбалера чIогIа мох хьакхийтира. Буьйса
чекхъяллалц хьекхначу мохо, хIорд дIаса а
бекъабалийтина, латта дакъийра. 22 ‡ХIорда
юккъерачу лаьтта тIехула дIабахара исраилхой.
Пен а хилла лаьтташ, аьрру а, аьтту а агIор хи дара
царна. 23 ТIаьхьабевлла богIу мисархой шайн ерриг
а говрашца, гIудалкхашца, дошлошца хIорда
юккъе бевлира. 24 Iуьйранна марханийн а, цIеран а
бIогIамна юккъера чухьаьжначу Везачу Эло
мисархой, бохийна, баржийра. 25 Цо тIера
чкъургаш дIайовлийтина дела, мисархойн
гIудалкхаш чохьйиснера, уьш хала текхайора цара.

† *Эрзан хIорд *– таханлерчу дийнахь, схьахетарехь: *ЦIен хIорд бу.** †† *13:19 Доладалар 50:25; ЮшаI 24:32.*

‡ *14:22 1 Коринтхошка 10:1, 2; Iебархошка 11:29.*

«Исраилхой болчуьра довда деза! – бохуш,
маьхьарий хьоькхура цара. – Цаьргахьа волу Веза
Эла вайна дуьхьал леташ ву!»
26 Везачу Эло Мусага элира: «Хьайн куьг хIорда
тIехула лаца, тIеттIа хьаьддачу хино мисархой
шайн гIудалкхашца а, дошлошца а дIахьулбийр
бу». 27 Мусас шен куьг хIорда тIехула лаьцча, Iуьйре
хуьлуш хи шен метте юхадеара. Мисархой хих
бевдда боьлхура, амма Везачу Эло, хин буха а
бахийтина, хIаллакбира уьш. 28 Шен метте
юхадеанчу хино гIудалкхаш а, дошлой а
къайлабехира. Исраилхошна тIаьхьадаьллачу
пирIунан эскарх цхьа а дийна ца висира. 29 Амма
хIорд бекъабелча гучудаьллачу лаьтта тIехула
дехьабевллера исраилхой, аьтту а, аьрру а агIор хи
хиллера царна, пен хилла лаьтташ.
30 Цу дийнахь Везачу Эло исраилхой мисархойх
кIелхьарбехира. ТIаьхьо исраилхошна хIордан
берда тIехь мисархойн декъий гира. 31 Везачу Эло
мисархой эшийча, хиира исраилхошна Цуьнгахь
мел ницкъ бу, цундела Везачу Элах а, Цуьнан
ялхочух Мусах а кхера а белла, цу шиннах тийшира
уьш.

### Мусас ялккхина назма

15 †ТIаккха Мусас а, исраилхоша а Везачу Элана
лерина назма элира:
«Ас Везачу Элана назма олу,
И сийлахь-воккха хиларна.
Дин а, бере а цхьаьна
Цо хIорда чу кхоьссина.
2 ††Веза Эла сан ницкъ бу,
Цуьнан дуьхьа ас назма олу,
Цунах суна КIелхьарвоккхург хилла дела.
Иза сан Дела ву, Цунна хастам бо ас.
Сан ден а Дела ву Иза, цундела ас лору Иза.
3 Веза Эла сийлахь тIемало ву,
Цуьнан цIе ЯхIува ‡ ю.
4 ПирIунан эскар а, гIудалкхаш а хIорда чу
кхиссина Цо,
тоьлла болу пирIунан тIеман хьаькамаш Эрзан
хIорда чу бахана.
5 КIоргачу хиша уьш къайлабехира.
ТIулгаш санна, хи буха а бахана, байна уьш.
6 Веза Эла, Хьан аьтту куьг ма сийлахь ницкъ
болуш ду.
Хьан аьтту куьйго, ва Веза Эла, мостагIа
хIаллаквина.
7 Хьайн возаллица Ахь эшийна Хьайна
дуьхьалбевлларш.
Хьайн оьгIазалла царна тIе а ерзийна, ча санна,
багийна Ахь уьш.
8 Ахь хьакхийтинчу мохо хи декъа а декъна,
пен санна, дIахIоттийра.
ХIордан кийрара хи дукъделира.
9 МостагIчо элира: „Царна тIаьхьа а ваьлла, уьш
схьалоцур бу ас,
церан хьал схьа а доккхур ду.
Тур а даьккхина, сайн дог Iабош, сан куьйго уьш
хIаллак а бийр бу“.
10 Амма Ахь царна тIе мох хьаькхира,
тIаккха уьш, даш санна, хи буха а бахана, хIордан
буьрсачу хиша дIахьулбира.
11 Веза Эла, Хьоьга кхочуш мила ву деланашна
юкъахь?
Хьо санна Шен возаллица а, хастам хилла а,
инзаре хIуманаш кхуллург а мила ву?
12 Ахь аьтту куьг тесча,
уьш Лаьтто дIахьулбира.
13 Хьайн хедар боцучу безамца Ахьа мах белла
кIелхьардаьккхина халкъ,
онда гIо лоцуш, езачу Хьайн хIусаме дигна хир ду
Ахь.
14 Иза хезна халкъаш кхоьруш хир ду.
ПIелаштамхойн халкъ кхерамо Iадийна хир ду.
15 Цу хенахь Эдомера элий боьхна хьийзаш хир бу,
Муабера баьччанаш дага тIе кхерам тесна хир бу,
КанаIанера бахархой, кхерабелла, ша санна,
бешна хир бу.
16 Кхерамо Iадор бу уьш!
Хьан сийлахь куьг а гина,
тIулгаш санна, дIатуьйр бу уьш,
Хьан халкъ, Веза Эла, тIехдаллалц,
мехах паргIатдаьккхина халкъ тIехдаллалц.
17 ДIа а дигна, Хьайн цIенна хаьржинчу метте
охьахаор ду Ахь и халкъ, Веза Эла,
Хьайна хIусам Ахь йинчу метте,
Хьайн куьйгашца Ахь кхоьллинчу дезачу ЦIийне!
18 Веза Эла гуттар а хир ву олалла деш, абаде
яллалц».

### Марема йиш лакхар

19 Шайн гIудалкхашца пирIунан говраш а, дошлой
а хIорда чу бевлча, Везачу Эло хIордан хи царна тIе
дерзийнера, ткъа Исраилан халкъ хIорда
юккъехула лаьтта тIехула дехьадаьллера.
20 АхIаронан йишас, Делера болу хаам бечу
Марема, шен жима вота схьаийцира. Цунна
тIаьххье, жима вотанаш схьа а эцна, баккхийберца,
халхарщца арабевлира берриг а кхиболу зударий.
21 Марема царна эшар лекхира:
«Хастам бе Везачу Элана, Цо динарг сийлахь ду.
Дин а, бере а хIорда чу кхоьссина Цо».

### Къаьхьа хи

22 Исраилхой Эрзан хIорда тIера дIабигира Мусас.
Шур цIе йолчу яьссачу аренга кхечира уьш. Кхаа
дийнахь цу аренгахула дIаоьхуш, хи ца карадора
царна. 23 Эххар а Марра цIе йолчу метте баьхкира
уьш. Цигахь царна карийна хи къаьхьа долуш мала
ца лора. Цундела тиллинера цу меттиган цIе Марра
(ткъа иза «къахьалла» бохург ду). 24 Нах Мусана

† 15:1 Довзийтинарг 15:3. †† 15:2 Забур 117:14; ЕшаI-ЯхIу 12:2. ‡ ЯхIува *– цу дешан маьIна «Волуш Верг» бохург ду. Хьовса 3:14.*

реза бацара: «Оха хIун мер ю?» – бохура цара.
25 Муса Везачу Эле кхайкхира. Везачу Эло шена
гайтинчу диттан га хи чу кхоьссира цо. ТIаккха хи
малалуш хилира.
Цу меттехь, Шех тешар зен а зийна, Шен халкъо
лело дезарг цунна тIедиллира Дала. 26 Везачу Эло
элира: «Нагахь аша Везачу Эле, шайн Деле,
ладогIахь, Цуьнан лаам аша кхочушбахь, Цо
тIедехкина парзаш аш кхочушдахь, Мисар-махкана
тIе яхкийтинчу цамгарех шуна тIе цхьа а йоуьйтур
яц Ас, хIунда аьлча Со Веза Эла ву шун дарбанча».
27 Элим цIе йолчу метте баьхкира исраилхой.
Цигахь хи схьадолу шийтта хьоста а, кхузткъе итт
хурмин дитт а дара. Хишна уллохь севцира уьш.

### «Манна» а, лекъарчий а

16 Элим олучу меттера дIа а бахана, шаьш
Мисарара арадевллачу шолгIачу беттан
пхуьйтталгIачу дийнахь Элимна а, Синайна а
юккъехь йолчу Син цIе йолчу яьссачу ара деара
дерриг а Исраилан халкъ. 2 Цу арахь Мусага а,
АхIароне а лен буьйлабелира нах. 3 «Мисар-
махкахь Везачу Эло тхо дайинехь гIолехь дара.
Цигахь жижиган яйна уллохь Iара тхо, дуззалц даа
бепиг а хуьлура. Аш тхо массо а хIокху яьссачу ара
дайа далийна», – бохура цара.
4 †Везачу Эло Мусага элира: «Ас стигалара охьа
ялта доуьйтур ду шуна. Нахе, ара а бовлий, хIора
дийнахь шайна цхьана денна тоъал иза гулде ала.
Айса тIедиллинарг цара кхочушдой хьожуш, уьш
зуьйр бу Ас. 5 ЙолхалгIачу дийнахь вукху
деношкахь гулдинчул шозза сов гул а дина, кхача
кечбан беза цара».
6 Мусас а, АхIарона а Исраилан халкъе элира:
«Сарахь хуур ду шуна, шаьш Мисар-махкара
Арадаьхнарг Веза Эла вуйла. 7 Шу Шена реза
доцийла хиъна Везачу Элана, цундела кхана
Iуьйранна Цуьнан олаллин нур гур ду шуна. Тхуна
луьйш ду шу, ткъа тхан карахь хIун ду?» 8 Юха
Мусас кхин а элира: «Везачу Элана хезна Шена шу
резацахилар, цундела Цо сарахь даа жижиг лур ду
шуна, ткъа Iуьйранна бепиг а лур ду. Сан а,
АхIаронан а карахь хIумма а дац! Шу резацахилар
тхойшинна дуьхьал дац, Везачу Элана дуьхьал ду».
9 АхIароне элира Мусас: «Дерриг а Исраилан
халкъе дIаала: „Везачу Элана хьалха хIитта, хIунда
аьлча Цунна хезна аш реза доцуш ен гIовгIанаш“».
10 АхIарона исраилхошка къамел дечу хенахь,
массо а, юха а вирзина, яьссачу арене хьаьвсира.
ЦIеххьана царна мархина юккъехь Везачу Элан
олаллин нур гира. 11 Везачу Эло Мусага элира:
12 «Суна исраилхоша, реза боцуш, ен хамталлаш
хезна. ДIаала цаьрга: „Тховса сарахь жижиг дуур ду
аш, ткъа кхана Iуьйранна Iаббалц бепиг а хир ду
шуна. ТIаккха хуур ду шуна Со Веза Эла, шун Дела,
вуйла“».
13 Цу сарахь исраилхой севцначу метте
лекъарчий даьхкира, ткъа Iуьйранна церан
меттаматтана гобаькkхина Iуьллуш тхи дара. 14 Тхи
дIадаьлча, лаьтта тIехь кегийра, лайн чимаш санна
а, йис санна а, цхьа хIуманаш йисира. 15 ††Уьш
гинчу исраилхоша вовшашка хоьттура: «И хIун ю?»
– бохуш. Царна ца хаьара иза хIун ю.
Мусас элира цаьрга: «Иза Везачу Эло шуна делла
ялта ду. 16 Цо боху вайга, доьзалехь волчу хIора
стага дуур долччул ялта долу и кхачанан буьртигаш
гулдеш волчо шен четар чохь Iаш волчунна
хIоранна цхьа Iовмар ‡ гулде иза, хIора дийнахь
шайна тоъал».
17 Иштта дан а дира исраилхоша, цхьаболчара
дукха, вукхара кIезиг гулдира кхачанан буьртигаш.
18 ‡‡Iовмар олучу барамца узура цара гулдинарг.
Дукха гулдиначун совнаха а ца хуьлура, кIезиг
гулдиначун тIеоьшуш а ца хуьлура. ХIораммо а
цхьана стагана даъал гулдинера. 19 Мусас элира
цаьрга: «Гулдина кхачанан буьртигаш Iуьйренга
довллалц ма диталаш». 20 Амма цара цо бохучуьнга
ла ца дуьйгIира, цхьаболчара шаьш гулдинарг
шолгIачу денна дитира. Кхачанна нIаьний а дина,
цунах вон хьожа йогIура. ТIаккха Муса нахана
оьгIазвахара. 21 Iуьйранна хIораммо а шега
даалуччул буьртигаш лахьадора, ткъа малхо
дохдича, уьш дешара.
22 ЙолхалгIачу дийнахь шозза сов буьртигаш
гулдира цара, хIоранна а шишша Iовмар кхочуш.
Тхьамданаша, тIе а баьхкина, Мусага хаийтира иза.
23 ‡‡Мусас цаьрга элира: «Иза Делан лаамца хилла
хIума ду, хIунда аьлча кхана Везачу Элана лерина
долу садоIу де – шоьтан де ду. Шайн ятта езарг а,
кхехко езарг а тахана кечъе, ткъа йиснарг, дIа а
йиллий, кханенга яккха». 24 Мусас ма-аллара,
йиснарг кханенна дIайиллира цара, амма яа хIума
ца телхира, нIаьний а ца дира цунна. 25 Мусас
элира халкъе: «Тахана шоьтан де ду, иза Везачу
Элана лерина садоIу де ду, цундела шу арадовлахь,
шуна буьртигаш карор дац. 26 Ялх дийнахь гулде
уьш, ткъа ворхIалгIа де Далла лерина садоIу
шоьтан де ду. Цу дийнахь арахь буьртигаш хир
дац».
27 Цуьнга ла а ца доьгIна, цхьаберш арабевлира
ворхIалгIачу дийнахь буьртигаш гулдан, амма
царна хIумма а кара-м ца йира. 28 Везачу Эло
Мусага элира: «Деха Iийр дуй шу Сан парзаш а, Ас
тIедехкинарш а кхочуш ца деш? 29 Хьовсал, Ас,
Везачу Эло, шуна садоIу шоьтан де делла, цундела
Ас йолхалгIачу дийнахь шина денна ло кхачанан
буьртигаш. Шаьш долчохь цIахь Iе, ворхIалгIачу
дийнахь ара ма довла». 30 ВорхIалгIачу дийнахь
халкъо садоIура.
31 ‡‡Исраилхоша цу кхачанах «манна» олура (иза
Iебархойн маттахь «И хIун ду?» бохург ду). Иза,
ораматан хIу санна, кIайн а йолуш, чомана моз

† *16:4 Яхьъя 6:31.*

†† *16:15 1 Коринтхошка 10:3.* ‡ *Iовмар *– иза хIума узучу хенахь цуьнан бараман цIе ю, масала, кийла а, литр а санна.**

тоьхна хьокхам санна яра. [32] Мусас элира: «Везачу
Эло вайна тIедиллина: „Цхьацца Iовмар и кхача
шайн тIаьхьенашна дIабилла, тIаккха царна гур ду
Ас шу Мисарара арадаьхначул тIаьхьа яьссачу
арахь шуна даийна ялта“». [33] †Мусас АхIароне
элира: «Кхаба схьа а эций, цу чу цхьа Iовмар
буьртигаш дохка. Иза Везачу Элана хьалха хIоттае,
вайн тIаьхьенашна юьсур ю иза». [34] ТIаьхьа, Везачу
Эло Мусана тIе-ма-диллара, АхIарона чохь
буьртигаш долу кхаба деза тIорказ чохь йолчу,
Дала еллачу тIулгийн экъанашна хьалха хIоттийра,
Iалашъярхьама. [35] ††Исраилхоша шовзткъа шарахь
йиира «манна», шаьш тIехь Iен долчу лаьтта тIе а,
КанаIан-мехкан дозанна тIе а кхаччалц. [36] (Ткъа
цхьа Iовмар бархI жимачу кедан барамал яра.)

### Тархах долало хи

(Лелар 20:1-13)

17 ‡Дерриг а Исраилан халкъ Син цIе йолчу
яьссачу арара новкъа делира, Везачу Эло
гайтинчу меттигашкахь шайн *меттамотт* а хIоттош.
Рапидам олучу меттехь севцира уьш, амма цигахь
мала хи дацара. [2] Мусана дуьхьал а бевлла, цуьнга
бехкаш дохуш, шайна хи ло бохура цара.
«Со хIунда хьийзаво аша? Везачу Элан собар
кхачо а хIунда гIерта шу?» – бохура Мусас нахе.
[3] Амма хьагбеллачу наха, Мусана реза боцуш,
хьоьттура: «Тхо а, тхан бераш а, даьхни а хьогалла
дайа арадаьхна ахьа Мисарара?»
[4] Муса Везачу Эле кхайкхира: «ХIун де ас кху
халкъана? Кхин жимма а хIара дахлахь, цара суна
тIулгаш деттар ду».
[5] Везачу Эло Мусага элира: «Исраилхошна юкъара
къаной тIаьхьа а хIиттабай, халкъана хьалх⟐хула
чекхвала. Айхьа Нил-хи тIе тухуш лелийна Iаса
хьайн кара схьаэца. [6] Со Хьариб цIе йолчу меттехь
цхьана тарх тIе хьуна хьалха дIахIуттур ву. Ахь
тархах Iаса тоьхча, цунах хи долалур ду, тIаккха
наха иза мер ду». Исраилан халкъан къаношна
хьалха и гIуллакх кхочушдира Мусас.
[7] Цу меттиган цIе Масса а, Мериба а тиллира цо
(церан маьIна «зер» а, «лер» а бохург ду), хIунда
аьлча цигахь исраилхой, Везачу Элана дуьхьал а
бевлла, Цунна луьйш а, Иза зуьйш а бара: «Веза
Эла тхоьца ву я вац?» – бохуш.

### Iамалекхахошца тIом бар

[8] Рапидаме а баьхкина, исраилхошца тIаме
бевлира Iамалекхахой. [9] Мусас ЮшаIе элира:
«Къонахий а харжий, Iамалекхахошца тIом бан гIо.
Кхана, гу тIе а ваьлла, дIахIуттур ву со, Дала
тамашийна хIуманаш гойту Iаса сайн буйна а
лаьцна». [10] Мусас бохург кхочушдеш,
Iамалекхахошца тIом бан вахара ЮшаI. Муса а,
АхIарон а, Хьор а гу тIе хьалавелира. [11] Мусас
куьйгаш хьалаайича, исраилхой тоьлура, ткъа цо
уьш охьадахийтича, Iамалекхахой тулура. [12] Амма
Мусан куьйгаш, айина латтийна, дазделлера.
ТIаккха иза тIулга тIе охьа а хаийна, АхIарона а,
Хьора а, цхьацца агIор а ваьлла, цуьнан куьйгаш,
хьала а айина, дIалецира. Малх чубуззалц айина
латтийра цара Мусан куьйгаш. [13] Иштта Iамалекх а,
цуьнан халкъ а шен туьраца эшийра ЮшаIа.
[14] ‡†Везачу Эло Мусага элира: «ХIокху тIамах лаций
тептар тIехь дIаязде, тIейогIучу тIаьхьенашна хIара
дагахьлаттийта. Ткъа ЮшаIе ала, Ас Iамалекхахой
лаьтта тIера тIепаза бойур бу алий». [15] Цигахь сагIа
доккху меттиг кеч а йина, цуьнан цIе, «Веза Эла сан
байракх ю» аьлла, тиллира Мусас. [16] Цо элира:
«Везачу Элан меттигна дуьхьал куьг айина хилла
дела, Цо Iамалекхахошца даим а тIом беш хир бу».

### Итар Муса волчу вахар

18 Мадани-махкара *динан да* волчу Мусан
стундена Итарна хезира, Мусана а, Шен
халкъ долчу исраилхошна а, уьш Мисар-махкара
арабаьхча, Дала гIо дина аьлла. [2] ‡‡Мусас шен зуда
Ципара цIа яхийтина йолуш, цуьнан стундас Итара
шен йоI а, цуьнан ши кIант а тIеэцнера. [3] ‡‡†Шина
кIантах цхьаннан цIе ГIиршам яра (иза «цигахь
волу тIевеанарг» бохург ду). И цIе Мусас тиллинера,
ша хийрачу махкахь тIевеана стаг волу дела.
[4] Вукху кIентан цIе ЭлиIазар яра (и цIе «Дала суна
гIо до» бохучух тера ю). Иза вича, Мусас элира:
«Сан ден Дала, суна гIо а дина, пирIунан туьрах со
кIелхьарваьккхина». [5] Мусан зуда а, ши кIант а
валош, цуьнан стунда Муса волчу яьссачу ара
тIевеара. Мусас цигахь, Делан лома уллохь,
*меттамотт* хIоттийнера. [6] Итара Мусага хаийтира:
«Со хьан стунда Итар ву, хьан зуда а, ши кIант а ву
соьца». [7] Дуьхьал а ваьлла, шен стундена хьалха
охьа а таьIна, цунна барт баьккхира Мусас.
Маршалла а хаьттина, четар кIел бевлира уьш.
[8] Мусас шен стундена дийцира исраилхойн дуьхьа
Везачу Эло пирIунна а, мисархошна а динчух
лаьцна а, шаьш новкъахь лайначу баланех а,
Везачу Эло шайна гIо дарх лаьцна а. [9] Итарна
хазахийтира, Везачу Эло исраилхой мисархойх
кIелхьар а баьхна, царна динчу дерриге а дикачух
лаьцна хезча. [10] Цо элира: «Хастам бу Везачу Элана!
Цо шу пирIунан куьйгах кIелхьардаьхна, ткъа хIара
къам Мисаран олаллех паргIатдаьккхина. [11] ХIинца
хиъна суна, Веза Эла массо а деланел веза вуйла,
исраилхойх ца бешаш лелла болчу мисархошна Цо
хIара дерриг дина дела». [12] Итара Далла лерина
дийнат дагош долу сагIа а, кхин важа сагIанаш а
дехира. АхIарон а, исраилхойн къаной а баьхкина,
Итарца цхьаьна охьахевшина, Далла хьалха хIума
йиира цара.

‡† *16:18 2 Коринтхошка 8:15.* ‡‡ *16:23 Арадаккхар 20:8-11.* ‡‡† *16:31 Лелар 11:7, 8.* † *16:33 Iебархошка 9:4.* †† *16:35 Якъуба 5:12.* ‡ *17:1-7 Лелар 20:2-13.*

‡† *17:14 Карлабаьккхинарг 25:17-19; Шамъал 15:2-9.* ‡‡ *18:2, 3 Арадаккхар 2:21, 22.* ‡‡† *18:3 Векалийн 7:29.*

### Куьйгалхой хIиттор

(Карлабаькkхинарг 1:9-18)

13 ШолгIачу дийнахь, кхелахо а хилла, халкъана
гIуллакх дан хиира Муса. Iуьйранна дуьйна
сарралц лаьттира адам Мусана хьалха. 14 Мусас
деш дерг а гина, Итара хаьттира: «Ахь халкъан
дуьхьа деш дерг хIун ду? Iуьйранна дуьйна сарралц
хьо цхьаъ бен хIунда вац кхелахо хилла Iаш? Хьуна
цхьанна хьалха хIунда лаьтта халкъ?»
15 Шен стундега Мусас элира: «Суна тIе нах богIу,
соьгахула Делан лаам хаа. 16 Царна юкъахь
къовсам баьлла хилча, ас царах бакъверг а, воцург
а къаставо. Цул совнаха, Дала тIедехкинарш а,
Цуьнан парзаш а довзуьйту ас царна».
17 Амма Мусан стундас элира: «Нийса дац ахь деш
дерг. 18 Хьайна а, кху нахана а ницкъ бо ахь, хIунда
аьлча хьуна хала ду хIара гIуллакх дIаккхехьа,
хьоьга-хьайга кхочуш ца дало иза. 19 Дела хьайца
хила лаахь, соьга ла а догIий, хьайна цхьа хьехар
дайта. Далла а, нахана а юкъахь леларг хила, нехан
гIуллакхаш Деле дIа а хоуьйтуш. 20 Нахана Делан
парзаш а, Цо тIедехкинарш а Iамаде, цара
дIаккхехьа безаш болу Делан некъ а бовзийта, цара
дан дезаш долу гIуллакхаш а довзийта. 21 Амма
халкъана юкъара хьуьнаре а, Делах кхоьруш а,
нийсо лелор йолуш а, хьарамло ца езаш а болу нах
харжа. Уьш эзарна а, бIенна а, шовзткъе иттанна а,
итт стагана а тIехь куьйгалхой хIиттабе. 22 Уьш
нахана тIехь массо а ханна кхелахой хилийта.
Нагахь чолхе гIуллакх хилахь, иза хьайна
тIедаийта, ткъа кегий гIуллакхаш шайга
къастадайта. ТIаккха хьуна а атта хир ду, ахь
къастийначу наха а хьоьца и хало йоькъур ю. 23 Ахь
иза дахь, Дала хьуна иза тIе а диллахь, хьоьга иза
лалур ду, берриг а нах, паргIатбевлла, шайн цIа а
гIур бу».
24 Шен стундега ла а доьгIна, цо бохург дира
Мусас. 25 Исраилхошна юкъара хьуьнаре нах а
хаьржина, уьш хьаькамаш хIиттийра цо эзарна а,
бIенна а, шовзткъе иттанна а, итт стагана а тIехь.
26 Уьш массо а хенахь халкъана кхел еш бара.
Чолхе гIуллакх цара Мусана тIедахьара, ткъа
кегийра гIуллакхаш шаьш къастадора.
27 Юха Мусас шен стунда новкъа ваьккхира. Итар
шен махка дIавахара.

### Исраилхой Синай-лам болчохь

19 Шаьш Мисарара арадевлла кхозлагIа бутт
чекхболуш, бутт цIинлучу хенахь, Синай цIе
йолчу яьссачу ара баьхкира исраилхой.
2 Рапидамера схьабевлла, Синай йолчу а баьхкина,
ламанна дуьхьал севцира уьш. Цара цигахь шайн
*меттамотт* хIоттийра. 3 Муса лома тIе, Дела волчу
хьалавелира. Везачу Эло, лам тIера кхайкха а
кхайкхина, цуьнга элира: «Якъубан тIаьхьене,
исраилхошка, дIаала:
4 „Шуна гина Ас мисархошна динарг, гина Ас,
аьрзун тIемаш тIехь санна, шаьш Со волчу
схьадалор. 5 † ††Нагахь Ас бохучуьнга ла а дугIуш,
Соьца бина барт аш ларбахь, массо а халкъашна
юкъара шу Сан долахь долу жовхIар хир ду, хIунда
аьлча дерриг а Латта Сан ду. 6 ‡Шу Сан деза халкъ а
хир ду, динан дайн пачхьалкх а хир ю“.
Муса! Ас аьлла и дешнаш Исраилан халкъе ахь
дIахаийта».
7 Юха а веана, къаной а гулбина, Везачу Эло шена
тIе диллинарг цаьрга дIаэлира Мусас. 8 Дерриг а
халкъо, цхьа барт а хилла, элира: «Везачу Эло
бохург дерриг а кхочушдийр ду оха». Халкъо аьлла
дешнаш Везачу Эле хаийтира Мусас.
9 Везачу Эло Мусага элира: «Юькъачу мархи
юкъахь хьуна дуьхьал хIуттур ву Со, Ас хьоьца деш
долу къамел хезча, нах гуттаренна а хьох
тешийтархьама».
ТIаккха наха аьлларг Везачу Элана хаийтира
Мусас. 10 Везачу Эло Мусага элира: «Халкъана тIе а
гIой, тахана а, кхана а кечде иза, Сан дуьхьа уьш
дIакъасто. Нахе шайн бедарш а йиттийта.
11 КхозлагIчу дийнахь кийча хила а ала цаьрга. Цу
дийнахь дерриг а халкъана хьалха Веза Эла волу
Со Синай-лам тIе вуссур ву. 12 ‡†Ламанна гонах сиз а
хьаккхий, нахе лам тIе а ма довла, цуьнан лахенах
хьакха а ма ло ала. Ломах хьакхавелларг вуьйр ву.
13 Адам делахь а, хьайба делахь а, тIулгаш деттий я
пха кхоссий, де иза. Цхьаммо а цунах куьг а ма
Iотта. Локхучу уьстагIан маIан дахдина аз хезча,
нах лам тIе хьалабовла мегар ду».
14 Лома тIера чу а воьссина, нах базбира Мусас.
Цара шайн хIуманаш йиттира. 15 Цо халкъе элира:
«КхозлагIчу денна кийча а хила, шайн зударшна
улло а ма гIо».
16 ‡‡ ‡‡†КхозлагIчу дийнахь лома тIе юькъа марха
йоьссира. Къекъаш стигал а яра, серладуьйлуш
стелахаьштигаш а дара, хезаш уьстагIан маIан
вуно онда аз а дара. Меттамотт болчохь долу адам
чIогIа кхераделира. 17 Мусас халкъ, меттаматтара
ара а даьккхина, ламанна кIел Делаца
цхьаьнакхета дIадигира. Уьш ламанан кIажехь
дIахIиттира. 18 Берриг а Синай-лам кIуьро
дIалаьцнера, Веза Эла цIергахь шена тIе воьссина
дела. ЧIогIа бегош болчу цу ломах, пешара санна,
кIур хьалаоьхура ‡‡‡. 19 УьстагIан маIан аз тIаьхь-
тIаьхьа чIагIлуш дара. Мусас къамел дора, Дела
цунна дуьхьал стигал къовкъарехь вистхуьлура.
20 Синай-ламанан бохь тIе воьссинчу Везачу Эло
Мусага лам тIе кхайкхира. Муса хьалавелира.
21 Везачу Эло Мусага элира: «Чу а воссий, халкъе
улло а ма дола, Веза Эла ган а ма гIерта ала. Цара
иза дахь, нахах дукхахберш хIаллакьхир бу. 22 Веза

† *19:5, 6 1 Кипин 2:9.* †† *19:5 Карлабаькkхинарг 4:20; 7:6; 14:2; 26:18; Тите 2:14.* ‡ *19:6 Довзийтинарг 1:6; 5:10.* ‡† *19:12, 13 Iебархошка 12:18-20.* ‡‡ *19:16 Довзийтинарг 4:5.* ‡‡† *19:16-18 Карлабаькkхинарг 4:11, 12.* ‡‡‡ *Грекийн гочдар тIехь: *Ломах, пешара санна, кIур хьалаоьхура, ткъа нах синтем байна меттахбуьйлура.**

Эла волчу Суна улло богIу динан дай а тIехь шаьш-
шайн базбина хила беза, Соьга шаьш лаза ца
байта».
23 Мусас Везачу Эле элира: «Халкъан Синай-лам
тIе дала бакъо яц, хIунда аьлча Ахь аьлла тхоьга,
ломана гонах сиз а хьаккхий, лам базбеш Хьайна
дIакъастабе аьлла».
24 Везачу Эло цуьнга элира: «ГIой, нах болчу
чувосса, юха АхIаронца хьалавала. Динан дай а,
нах а Со волчу хьала ма бовлийта, Соьга шаьш
хIаллак ца дайта». 25 Халкъ долчу чу а воьссина, и
дерриг а дIаэлира Мусас.

## Делера болу итт хьехам

(Карлабаьkkхинарг 5:1-21)

20 Юха Дала халкъе хIара дешнаш элира:
2 «Со Веза Эла ву, шун Дела, шу Мисарара,
лоллехь долчуьра Арадаьхнарг.
3 Со воцург кхин Дела ма хилийта шайн.
4 †Цхьана а тайпана лакхахь стигалахь, я лахахь
лаьттахь, я лаьттал лахарчу хиш чохь хIуманан
вастехь сурт кхуллуш, шайна цIуш а ма белаш.
5 ††Царна корта а ма бетта, Iибадат а ма де. Со, шун
Веза Дела, эмгаралла йолу Дела ву. Со ца везаш
волчунна таIзар до Ас. Ас цунна а, цуьнан берашна
а, кхозлагIчу а, йоьалгIачу а тIаьхьенна
тIекхаччалц таIзар до. 6 Амма, шена тIедиллинарг
кхочуш а деш, Со везаш волчунна эзарнаш
тIаьхьенашкахь Сайн хедар боцу безам гойтур бу
Ас.
7 ‡Везачу Элан, шайн Делан, цIе эрна ма яккха,
хIунда аьлча Шен цIе эрна йоккхуш верг Везачу
Эло таIзар ца деш вуьтур вац.
8 ‡†Шоьтан де дагахь латтаде, иза Сан дуьхьа дIа а
къастош. 9 ‡‡Ялх дийнахь болх а бе, дерриг а шайн
гIуллакхаш а нисде. 10 Ткъа ворхIалгIа де шайн
Везачу Далла лерина садоIу де хилийта. Цу
дийнахь аша а, шун кIанта а, йоIа а, шун лено а,
гIарбашо а, даьхнино а, шун хIусамехь волчу
хьешо а цхьа а тайпана болх ма бе. 11 ‡‡†Везачу Эло
ялх дийнахь кхоьллина стигалш а, латта а, хIорд а,
дерриг а царна чохь дерг а. ВорхIалгIачу дийнахь
Цо садаьIна. Цундела шоьтан де, декъал а дина,
Шен дуьхьа дIакъастийна Везачу Эло.
12 ‡‡‡Шайн дай-наний а лара, шайн Везачу Дала
шуна лур долчу лаьтта тIехь дехха дахар шун
хилийтархьама.
13 §Адам ма де.
14 §†Нахаца ма лела.
15 §††Къола ма де.
16 §‡Шайн уллорачунна дуьхьал харцтоьшалла ма
де.
17 §‡†Шайн уллорачун цIа ма деза, цуьнан зуда а ма
еза, цуьнан лай а, гIарбаш а, сту а, вир а, цуьнан
цхьа а хIума а шайна ма деза».

## Халкъ кхоьру

(Карлабаьkkхинарг 5:22, 23)

18 §†Дерриг а халкъана стигалан къекъар а, цIеран
алу а, кIур туьйсу лам а гора, уьстагIан маIан аз а
хезара. И сурт гича, кхоьруш, генна а бевлла,
хьоьжуш лаьттара нах. 19 Цара Мусага элира: «Ахь
дийца тхоьца, оха ладугIур ду, амма Дала тхоьца
къамел ма дойла, тхо ца далийтархьама».
20 Мусас халкъе элира: «Кхера ма кхера. Дела шу
зен а, Шега болчу ларамах шу дуьзна а долуш,
шуьга къа ца латадайта а веана ву». 21 Халкъ
геннахь лаьтташ дара, ткъа Муса Дела чохь волчу
юькъачу мархина гергавеара.

## СагIа доккхучу меттигех долу парзаш

22 Везачу Эло Мусага элира: «ДIаала исраилхошка:
„Шуна гира, Ас стигалара шайга къамел деш.
23 Суна хьалха шайна дато а, дашо а цIуш ма бе.
24 Лаьттах Суна лерина сагIа доккху меттиг а яй, цу
тIехь дийнаташ дагоран а, барт баран а сагIанаш
даха, шайн уьстагIий а, стерчий а далош. Сан цIе
шуна дагаяийта Ас билгалъяьхначу массо а
меттигашкахь, Со тIе а вогIуш, Ас шу декъалдийр
ду. 25 §‡Нагахь шаьш Суна лерина сагIа доккху
меттиг тIулгех еш хилахь, хьаьхначу тIулгех ма е
иза. ТIулг хьокхучу гIирсо уьш Далла хьалха
бехдийр ду. 26 СагIа доккхучу меттигна
тIевоьдучохь лами ма бе. Цунна тIехула шу
хьаладовлуш, бедаршна кIелхьара шун дегI гур
ду“».

## Лейх лаьцна Дала тIедиллинарг

(Карлабаьkkхинарг 15:12-18)

21 «Халкъана хьалха ахь кхайкхо деза
тIедехкинарш хIорш ду: 2 §§†Нагахь айхьа
Iебархойх волу лай эцахь, цуьнга ялх шарахь
хьайна болх байта, ткъа ворхIалгIачу шарахь
дIахеца иза, цунах мах а ца боккхуш. 3 Нагахь иза
ша веанехь, ша дIа а хеца. Нагахь иза зудчуьнца
хиллехь, цуьнца цхьаьна зуда а дIаяхийта. 4 Нагахь
хIусамдас шен лена зуда а ялийна, зудчо цунна
кIентий я йоIарий бинехь, шен зуда а, бераш а
хIусамдена а дитина, иза ша дIаваха веза. 5 Амма
лено ала тарло: „Сайн хIусамда а, сайн зуда а,
бераш а деза суна, со паргIатваккхийта ца лаьа

*† 20:4, 5 Арадаккхар 34:17; Iамалъяр 19:4; 26:1; Карлабаьkkхинарг 4:15-18; 27:15. †† 20:5, 6 Арадаккхар 34:6, 7; Лелар 14:18; Карлабаьkkхинарг 7:9, 10. ‡ 20:7 Iамалъяр 19:12. ‡† 20:8 Арадаккхар 16:23-30; 31:12-14. ‡‡ 20:9, 10 Арадаккхар 23:12; 31:15; 34:21; 35:2; Iамалъяр 23:3. ‡‡† 20:11 Доладалар 2:1-3; Арадаккхар 31:17. ‡‡‡ 20:12 а: Карлабаьkkхинарг 27:16; Маттай 15:4; 19:19; Марк 7:10; 10:19; Лака 18:20; Эпасхошка 6:2; б: Эпасхошка 6:3. § 20:13 Доладалар 9:6; Iамалъяр 24:17; Маттай 5:21; 19:18; Марк 10:19; Лака 18:20; Римхошка 13:9; Якъуба 2:11. §† 20:14 Iамалъяр 20:10; Маттай 5:27; 19:18; Марк 10:19; Лака 18:20; Римхошка 13:9; Якъуба 2:11. §†† 20:15 Iамалъяр 19:11; Маттай 19:18; Марк 10:19; Лака 18:20; Римхошка 13:9. §‡ 20:16 Арадаккхар 23:1; Маттай 19:18; Марк 10:19; Лака 18:20. §‡† 20:17 Римхошка 7:7; 13:9. §† 20:18, 19 Iебархошка 12:18, 19. §‡ 20:25 Карлабаьkkхинарг 27:5-7; ЮшаI 8:31. §§† 21:2-6 Iамалъяр 25:39-46.*

суна“. 6 ТIаккха хIусамдас, лай Далла хьалха а
хIоттийна, неIарна я неIаран гурана улло а вигна,
цуьнан лергах Iуьрг даккха деза, ю а Iоьттина.
ТIаккха лай тIейогIу мел йолчу хенахь хIусамдена
вуьсур ву.
7 Нагахь цхьаммо шен йоI лолле йохкахь,
боьршачу лешка хьаьжча, иза мукъаяккхар кхечу
тайпана хуьлу. 8 Нагахь цунах шена *гIарбаш-зуда*
ян хIусамда реза вацахь, иза паргIатъялийта еза
цо. Хийрачу къомах болчарна иза йохка бакъо яц
цуьнан, иза цуьнца мекарлонца лелла дела.
9 Нагахь хIусамдас иза шен кIентан дола яккхахь,
шен йоI санна лело еза цо иза. 10 Нагахь цо шена
кхин зуда ялаяхь, хьалха ялийна йолчу зудчунна а
кхача а, бедар а латтор а, майрачо ден Iуналла а
лагIдан ца деза цо. 11 Нагахь и кхо хIума кхочушдеш
дацахь, цу зудчунна дIаяха бакъо яла еза, цунах
мах а ца боккхуш».

## Ницкъ бархлаьцна тIедиллинарг

12 †«Нагахь стага валлал чIогIа цхьанна тоьхнехь,
тоьхнарг вен веза. 13 ††Нагахь ларамаза стага цхьаъ
вийнехь, ткъа Дала иза магийтинехь, бехкениг Ас
аьн долчу метте ведда дIаваха веза. 14 Амма цхьаъ,
шен уллораниг тешнабехкаца хаа а хууш, вен а
вийна, Суна *сагIа доккху кхерч* болчу веддехь,
кхерчана уллора дIа а вигий, ве иза.
15 Дена я нанна тоьхнарг вен веза.
16 ‡Цхьаммо стаг, лачкъа а вина, вохкахь, я иза
цуьнгахь каравахь, и лачкъийнарг вен веза.
17 ‡†Шен дена я нанна неIалт аьлларг вен веза.
18 Шина стеган дов а даьлла, цхьаммо вукхунна
тIулг я буй а тоьхна, иза вала ца лахь, амма метта
охьавижахь, 19 юха хьала а гIоттуш, иза гIожаца чу-
ара волуш хилахь, цунна тоьхнарг вен ца оьшу.
Амма бехке волчо лазийначунна мах бала беза иза
болх ца балуш вуьсучу ханна. Цул сов, бехке волчо
лазийнарг Iалашван веза, цуьнан могушалла
кхоччуш юхаметтахIотталц.
20 Нагахь цхьаммо шен лена я гIарбашна гIаж а
тоьхна, иза лахь, цунна таIзар дан догIу. 21 Амма
лазийначунна цхьана-шина дийнахь гIоле хилахь,
хIусамдена таIзар дан ца оьшу, хIунда аьлча цо,
ахча а делла, эцна ву и лай.
22 Нах летча, цхьаммо берах йолчу зудчунна тоха
а тоьхна, иза остаялахь, амма кхин зе дина дацахь,
и зуда долахь йолчу стага тоьхна долу гIуда даккха
деза бехке волчуьнгара кхелахоша къобалбечу
барамехь. 23 Амма дина доккха зе делахь, синах са
даккха догIу, 24 ‡‡хьайн бIаьрг баккхахь, цунна
дуьхьал бIаьрг баккха, цергана дуьхьал церг яккха,
куьйгах – куьг, когах – ког, 25 вагорна дуьхьал ваго
веза, чевнна дуьхьал чов, лазорна дуьхьал лазор.

† 21:12 Iамалъяр 24:17. †† 21:13 Лелар 35:10-34; Карлабаькхинарг 19:1-13; ЮшаI 20:1-9. ‡ 21:16 Карлабаькхинарг 24:7. ‡† 21:17 Iамалъяр 20:9; Маттай 15:4; Марк 7:10. ‡‡ 21:24 Iамалъяр 24:19, 20; Карлабаькхинарг 19:21; Маттай 5:38.

26 Нагахь цхьаммо шен лена я гIарбашна тоьхна,
бIаьрг баккхахь, цо уьш паргIатбаха беза, хIунда
аьлча бIаьрг иза маьршабовларан мах бу. 27 Нагахь
хIусамдас, тоьхна, шен лен я гIарбашан церг
яккхахь, цо уьш паргIатбаха беза. Церг
паргIатбовларан мах бу».

## ХIусамдена жоп дала дезар

28 «Нагахь старо стагана я зудчунна уьш баллалц
маIаш Iиттахь, тIулгаш а кхиссий, бе и сту, амма
цуьнан жижиг ма даа. Ткъа сту болчу хIусамден
бехк бац. 29 Нагахь санна сту хьалха а леташ
хиллехь, цуьнан хIусамдега цунах дерг дIа а
аьллехь, амма цо иза дIа ца бихкинехь, и сту,
нагахь санна цо стаг я зуда дехь, тIулгаш а
кхиссина, бен беза, цуьнан хIусамда а вен веза.
30 Нагахь цу хIусамдена гIуда тохахь, цо иза дIадала
деза, шен дахар паргIатдаккхархьама. 31 КIантана я
йоIана старо маIаш Iиттахь, хIусамдена,
хьалхалерниг санна, таIзар дан догIу. 32 Нагахь
лена я гIарбашна старо маIаш Iиттахь, церан
хIусамдена сту болчо ткъе итт дато ахча дала деза,
ткъа сту, тIулгаш а кхиссина, бен беза.
33 Нагахь цхьаммо ор схьадаьстина, я, иза даккха
а даьккхина, тIе хIума а ца тоьхна, цу чу сту я вир
йожахь, 34 ор долчо бежана долчу хIусамдена
детица гIуда такха деза, ткъа делла бежана бехке
волчунна дуьсур ду. 35 Нагахь цхьаннан старо,
лулахочун сту маIаш а Iиттина, бехь, дийна болу
сту дIа а боьхкина, цунах делла ахча шайна юкъахь
декъа деза, белла сту а бекъа беза. 36 Амма хьалха
а, сту леташ буйла а хууш, хIусамдас иза дIа ца
бихкинехь, бийначу старана дуьхьал сту бала беза
цо, ткъа бийнарг цунна буьсур бу».

## Хилла зе меттахIотторах тIедиллинарг

22 «Нагахь цхьаммо сту я уьстагI, лачкъа а
бина, бехь я бохкахь, цо старана дуьхьал пхи
сту а, уьстагIна дуьхьал биъ уьстагI а бала беза.
2 ХIума лачкъо чуваьлла къу цхьаммо вийнехь,
къуьнан цIий вийначунна тIехь хир дац, 3 амма
дийнахь иза делахь, къу вийначунна тIехь цIий ду.
ХIума лачкъийначо ша дина зе дIатакха деза,
амма цуьнан дIадала хIума дацахь, цо дина зе
меттахIоттош, иза вохка веза. 4 Нагахь къуьнехь цо
лачкъийна хIума – сту белахь, я вир елахь, я уьстагI
белахь а – дийна караяхь, цуьнгара ши мах баккха
беза.
5 Нагахь цхьаммо шен арахь я кемсийн бешахь
дажош долу даьхни дIа а хецна, нехан дIайийна
аре талхаяхь, шен арахь я кемсийн бешахь кхиъна
тоьлла долу сурсаташ дIадала деза цо.
6 Нагахь цхьаммо цIе латаяхь, ткъа цу цIеро,
коканашкахула яржа а яьржина, лулахочун
цIевнаш я арахь долу ялта, я ерриг а ялтин аре
дIакхаллахь, цIе латийначо цу цIеро дина зе
меттахIотто деза.

7 Нагахь цхьаммо шен лулахочуьнга Іалашдан
дато ахча я хІуманаш лахь, амма цуьнан цІа чуьра
уьш лачкъаяхь, къу схьакарийча, цуьнга шалха мах
охьабиллийта беза. 8 Нагахь къу кара ца вахь,
лулахочо, Далла хьалха а веана, шега еллачу
хІуманашна ша тІе ца кхевдина аьлла, чІагІо ян
еза.
9 Шина стагана юкъахь муьлхха а хІуманах
лаьцна – я старах, я вирах, я уьстагІах, я бедарх, я
яйначу хІуманах – къовсам белахь, и гІуллакх
Далла хьалха дахьа деза. Дала бехке винчо шен
довхочунна шалха мах бала беза.
10 Нагахь цхьаммо шен уллорачуьнга Іалашъян я
вир, я сту, я уьстагІ, я кхин долу даьхни лахь, амма
и даьхни делча, я лазийча, я цхьанна а ца гуш,
лачкъийча, 11 Везачу Элана хьалха даьхни
схьаэцначо чІагІо ян еза, шега деллачу даьхнина
ша тІе ца кхевдина аьлла. Даьхнин дас иза тІеэца
деза, вукхо мах бала а ца беза. 12 Нагахь даьхни
схьаэцначух цхьаммо и даьхни лачкъийнехь,
цунах богІу мах даьхнин дена дІабала беза и
даьхни тІелаьцначо. 13 Нагахь даьхни экхано
цистинехь, бухайисина чарх дІагайта еза, тІаккха
хІусамдена даьхних мах бала безар бац.
14 Нагахь цхьаммо шен уллорачуьнгара лело
даьхни а далийна, и даьхни, цуьнан да уллохь а
воцуш, лазадахь я лахь, цунах мах бала беза.
15 Ткъа нагахь даьхнин да уллохь хиллехь, мах бала
ца беза. Даьхни лелориг мах белла хиллехь, иза
цунах богІу мах хир бу».

### ГІиллакх-оьздангаллех а, динах а тІедиллинарг

16 †«Нагахь маре яхаза йоІстаг Іеха а йина, цуьнца
цхьаъ дІавижахь, йоІах богІу мах дІа а белла, иза
яло еза цу стага. 17 Ткъа нагахь йоІан да цуьнга иза
яхийта реза ца хилахь, йоІах томана богІу мах
дІабала беза.
18 ††Жинашца тайнарг дийна ма йита.
19 ‡Бежанца дІавижнарг ве.
20 ‡†Веза Эла воцучу, кхечу деланашна сагІа
доккхург хІаллакве.
21 ‡‡ТІевеана стагваца а ма ве, цунна ницкъ а ма
бе, хІунда аьлча шу а дара Мисар-махкахь
тІедаьхкина Іаш. 22 Йисина Іачу зудчунна а, байшна
а зе ма де. 23 Нагахь ахь царна зе дахь, Соьга уьш
кхайкхича, церан мохь Суна хезар ма бу.
24 ОьгІазваханчу Аса туьраца дойур ду шу, тІаккха
шун зударий бисина Іаш хир бу, шун бераш а
байлахь дуьсур ду.
25 ‡‡†Нагахь Сан халкъана юкъара къечу стаге
духалург айхьа ахча деллехь, духалург ахча луш
болу вуьш санна ма хила цуьнца – ял а ма яккха
цуьнгара ахчанна тІе. 26 ‡‡‡Нагахь закъалтана
уллорачуьнгара айхьа бедар эцнехь, малх
дІабузале юхало иза цунна, 27 хІунда аьлча и бедар
йоцург кхин духар дац цуьнан, дегІ дохдеш долу.
ДІа муха вуьжур ву иза, тІетесна хІума а йоцуш? Цо
Сайга кхайкхича, Суна хезар ду, хІунда аьлча Со
къинхетаме ву.
28 §Далла а ма ле, халкъана тІехь хІиттийначу
хьаькамашна неІалт а ма кхайкхаде.
29 Хьалха чудерзийна ялта а, кемсийн мутта а,
зайтдаьтта а Суна шен хенахь схьало.
Дуьххьара шайн хилла кІант а схьало Суна.
30 Иштта шайн дуьххьара хилла сту а, ка а Суна
схьало. ВорхІ дийнахь шайн наноьшца а дитий,
борхІалгІачу дийнахь схьало уьш.
31 §†Шу Сан долахь долу халкъ ду, цундела
акхароша цистинчу даьхнин жижиг ма даа, дІало
иза жІаьлешна».

### Нийсачу кхелах лаьцна

23 §††«Даьсса хабар дІаса ма даржаде. Харц
тоьшалла а деш, вониг динчу стагана гІо ма
де. 2 Дукха а нахана тІаьхьа а хІоттий, вониг ма де.
Кхел ечохь дукхахболчара дуьйцучо ахь до
тоьшалла харцахьа ма дерзийта. 3 §‡Къечу стеган
дов хоттучу хенахь цуьнгахьа а ма оза.
4 §‡†Нагахь хьайн мостагІчун тилабелла сту я вир
хьайна караяхь, шен дена тІе дІадига деза уьш.
5 Нагахь беза мохь бахьа а ца белла, йоьжна
Іуьллуш хьан мостагІчун вир хилахь, цигара дІа ма
гІо, гІо де цунна, и вир юха когаш тІе хІоттош.
6 §†Къечу стагана ен кхел бакъдолчунна тІера ма
ялийта. 7 Харц кхел ярна генавала, бехке воцург а,
нийса верг а ма вейта, хІунда аьлча бехке верг Ас
бакъвийр вац. 8 Кхаьънаш ма эца, хІунда аьлча
цара са гуш верг бІаьрзе во, бакъболчеран гІуллакх
талхадо.
9 §‡ТІевеанчу стагана ницкъ ма бе. Шуна евза
тІевеанчун дог-ойла, хІунда аьлча шу а Іийна
тІедаьхкина Мисар-махкахь».

### ВорхІалгІачу шарах а, ворхІалгІачу дийнах а лаьцна

10 §§†«Ялх шарахь хьайн латта дІа а де, цу тІера
ялта а гулде. 11 ВорхІалгІачу шарахь иза дІа ма де,
лаьтте садаІийта. Хьайн халкъана юкъахь болчу
мискачу нахе цунах пайда эцийта, ткъа царах
диснарг арарчу акхарошка даийта. Иштта де хьайн
кемсийн а, *зайт-диттийн* а аренашкахь.
12 §§‡Ялх дийнахь болх бе, ткъа ворхІалгІачу
дийнахь садаІа, хьайн стеран а, виран а синтем

---

† *22:16, 17 Карлабаькккхинарг 22:28, 29.* †† *22:18 Карлабаькккхинарг 18:10, 11.* ‡ *22:19 Іамалъяр 18:23; 20:15, 16; Карлабаькккхинарг 27:21.* ‡† *22:20 Карлабаькккхинарг 17:2-7.* ‡‡ *22:21, 22 Арадаккхар 23:9; Іамалъяр 19:33, 34; Карлабаькккхинарг 24:17, 18; 27:19.* ‡‡† *22:25 Іамалъяр 25:35-38; Карлабаькккхинарг 15:7-11; 23:19, 20.*

‡‡‡ *22:26, 27 Карлабаькккхинарг 24:10-13.* § *22:28 Векалийн 23:5.* §† *22:31 Іамалъяр 17:15.* §†† *23:1 Арадаккхар 20:16; Іамалъяр 19:11, 12; Карлабаькккхинарг 5:20.* §‡ *23:3 Іамалъяр 19:15.* §‡† *23:4, 5 Карлабаькккхинарг 22:1-4.* §† *23:6-8 Іамалъяр 19:15; Карлабаькккхинарг 16:19.* §‡ *23:9 Арадаккхар 22:21; Іамалъяр 19:33, 34; Карлабаькккхинарг 24:17, 18; 27:19.*

хилийтархьама а, хьайн гІарбашан кІанте а,
тІевеанчу стаге а садаІийтархьама а.
13 Ас шайга аьлларг дерриг а кхочушде, кхечу
деланашна Іибадат ма де, ур-атталла церан цІераш
а ма яха».

## Кхаа дезачу дийнах лаьцна
(Арадаккхар 34:18-26; Карлабаьккхинарг 16:1-17)

14 «Шарахь кхузза Суна лерина деза денош
хилийта. 15 †Совсазчу баьпкан дезде ларде: Ас
хьайна тІе-ма-диллара, ворхІ дийнахь совсаза
бепиг даа Авив беттан билггалчу хенахь, хІунда
аьлча цу хенахь шу Мисарара арадевлла. СагІа
даккхаза цхьа а Суна хьалха ма хІотта.
16 ††Айхьа бинчу белхан дуьххьарлера ялта арара
схьаэцаран де а дазде.
Иштта, хьайн арара болх дІаберзош, шеран
чаккхенехь ялта чудерзоран де а дазде. 17 ХІора
шарахь, оцу кхаа дезачу дийнахь, берриг а
божарий Хьалдолчу Элана хьалха хІитта беза.
18 Дийнатан цІийн сагІа Суна даьккхича, совсийна
бепиг Суна сагІина ма дагаде, ткъа дезачу денна
Суна сагІина даьккхинчун мохь Іуьйренга ма
ялийта.
19 ‡Хьайн арара дуьххьара гулдина ялта хьайн
Везачу Делан цІийне да.
Буьхьиган жижиг цуьнан ненан шури чохь ма
кхехкаде».

## ВаІданаш а, хьехамаш а

20 «Ас *Малик* дохуьйту хьуна хьалхадаьккхина
новкъахь хьо Іалашвайта а, Ас хьуна кечйинчу
метте хьо дІавига а. 21 Цуьнан тидам а бе, Цуьнга ла
а догІа. Дуьхьало ма е Цунна, хІунда аьлча Цо оцу
къинна гечдийр дац, Цуьнца Сан цІе хиларна.
22 Цуьнга ла а дугІуш, Ас мел бохург ахь
кхочушдахь, хьан мостагІийн мостагІа хир ву Со,
хьуна дуьхьал волчунна дуьхьал а хир ву. 23 Сан
Малико, хьалха а даьлла, дІавуьгур ву хьо. Цо
эмархошна а, хьетахошна а, перезахошна а,
канаІанхошна а, хьаьвихошна а, явсайхошна а тІе
вуьгур ву хьо, амма Ас хІаллакбийр бу уьш.
24 Церан деланашна хьалха корта ма тоха, царна
Іамал а ма е, цу нахах дІа а ма тарло. Мелхо а,
церан цІуш бохабе, ткъа цара шайн деланашна
хІиттийна тІулгаш кегде. 25 Суна, шайн Везачу
Далла, Іамал е. Шу иштта лелахь, Ас декъалдийр ду
шун бепиг а, хи а, шуна тІера цамгарш дІа а йохур
ю. 26 Хенал хьалха бер хуьлуш а, бер ца хуьлуш а
зударий хир бац хьан махкахь. Хьан дахар а деха
хуьлуьйтур ду Ас.
27 Сайх болу кхерам хьол хьалха дІабохуьйтур бу
Ас, ткъа муьлхха а хьо тІедахана халкъ дохийна
хьовзор ду. Хьан мостагІий, дІа а берзийтина,
хьуна хьалхара бовдуьйтур бу Ас. 28 Хьол хьалха
бомозий дохуьйтур ду Ас. Цара лохкур бу
хьаьвихой а, канаІанхой а, хьетахой а хьуна
хьалхара дІа. 29 Амма уьш цхьана шарахь дІалохкур
бац Ас, латта дасса а делла, хьуна дуьхьалйовла
акхарой тІех дукха ца хилийта. 30 Жим-жимма и
халкъаш хьо долчуьра дІадохур ду Ас, хьо деба а
дебна, дерриг а хІара латта ахь дола даккхалц.
31 Хьан дозанаш Ас тухур ду Эрзийн хІорда тІера
ПІелаштам-хІорда тІе кхаччалц, яьссачу арара
Эпрат-хина тІе кхаччалц. Цу мехкан къаьмнаш
хьан кара лур ду Ас, тІаккха уьш шаьш долчуьра
лохкур ду ахьа. 32 Я цаьрца а, я церан деланашца а
барт ма бе. 33 Хьан махкахь уьш буьтийла дац, Суна
дуьхьал хьоьга къинош ца летадайта, хІунда аьлча
церан деланашна ахь Іамал яхь, иза хьуна боьгІна
гур хир бу».

## Везачу Элаца бина барт чІагІбар

24 Везачу Эло Мусага элира: «Хьо а, АхІарон а,
Надаб а, АбихІу а, къанойх кхузткъе итт стаг
а, Со волчу хьала а довлий, геннара Суна хьалха
охьатаІа. 2 Хьо-хьо Суна улло вола, ткъа вуьш
гергахьа ма бахкийта. Халкъ хьайца лам тІе хьала
ма даладе».
3 Халкъана тІе а веана, Везачу Элан коьрта
дешнаш а, Цо тІедиллинарг а довзийтира Мусас.
Массара а, цхьаммо санна, элира: «Везачу Эло
аьлларг дерриг а оха кхочушдийр ду». 4 Везачу Эло
аьлла дерриге а дешнаш Мусас дІаяздира.
ШолгІачу Іуьйранна, хьалххе хьала а гІаьттина,
лома кІелахь сагІа даккха меттиг кечйира цо,
исраилхойн шийтта тайпанан цІарах цхьацца тІулг
а биллира. 5 Юха Мусас исраилхойн кегий нах
бахкийтира сагІа даккха. Цара дийнаташ дагоран
сагІанаш дохура. ТІаккха, стерчий а дайина, барт
баран сагІанаш а дохура. 6 Мусас дийнатех даьлла
ах цІий кедаш чу доьттира, ткъа вукхуьнца сагІа
даккха меттиг тІадийра. 7 Шаьш Везачу Элаца бина
барт тІеязбина тептар, схьа а эцна, дийшира Мусас.
Наха элира: «Везачу Эло аьлларг дерриг а деш,
Цунна муьтІахь хир ду тхо».
8 ‡†Кедаш чуьра цІий нахана тІе хьаьрсира Мусас.
«ХІара Везачу Эло шуьца, дерриг а Шен дешнашка
хьаьжжина, бинчу бертан цІий ду», – элира цо.
9 Юха Муса а, АхІарон а, Надаб а, АбихІу а,
исраилхойх кхузткъе итт къано а лам тІе велира.
10 Царна исраилхойн Дела гира. Цуьнан когаш
кІелахь дезачу тІулгийн экъа яра, стигал санна,
цІена а йолуш. 11 Цо исраилхошна юкъара
хаьржинчу нахана зен ца дира. Нахана Дела а гира,
цара хІума а йиира, мала а мелира цигахь.

§§† *23:10, 11 Іамалъяр 25:1-7.* §§‡ *23:12 Арадаккхар 20:9-11; 31:15; 34:21; 35:2; Іамалъяр 23:3; Карлабаьккхинарг 5:13, 14.* † *23:15 Арадаккхар 12:14-20; Іамалъяр 23:6-8; Лелар 28:17-25.* †† *23:16 а: Іамалъяр 23:15-21; Лелар 28:26-31; б: Іамалъяр 23:39-43.* ‡ *23:19 Карлабаьккхинарг 26:2; Арадаккхар 34:26; Карлабаьккхинарг 14:21.*

‡† *24:8 а: Маттай 26:28; Марк 14:24; Лака 22:20; 1 Коринтхошка 11:25; Іебархошка 10:29; б: Іебархошка 9:19, 20.*

### Муса Синай-лам тIехь

12 Юха Везачу Эло Мусага элира: «Со волчу лам тIе
хьала а валий, кхузахь саца. Айса нахана хьеха
кечдина парзаш тIехь долу тIулган экъанаш лур ю
Ас хьоьга». 13 Шен гIоьнча ЮшаI а эцна, Делан лам
тIе хьалаволавелира Муса. 14 Къаношка цо элира:
«Тхойша вухаваллалц кхузахь Iе. АхIарон а, Хьор а
шуьца хир ву, шен къасто дезаш гIуллакх дерг
царна тIе гIо».
15 Муса хьалаваьлча, лам мархо дIахьулбира.
16 Везачу Элан олаллин нур Синай-лам тIе
охьадоьссира. Ялх дийнахь лам тIехь марха
лаьттира, ворхIалгIачу дийнахь Веза Эла Мусага
кхайкхира мархи юкъара. 17 Исраилхошна гуш дара
ламанан боххьехь, цIе санна, догу Везачу Элан
олаллин нур. 18 †Муса, мархи юккъе а ваьлла, кхин а
лакха хьалавелира лам тIехула. Шовзткъа дийнахь
а, буса а Iийра иза лам тIехь.

### Делан цIенна лерина совгIаташ
(Арадаккхар 35:4-9)

25 Везачу Эло Мусага элира: 2 «ДIаала
исраилхошка, Суна совгIаташ да алий.
Даггара сагIа дала лууш лелачу хIора стагера Суна
лерина совгIаташ схьаэца. 3 Аш схьаэца езаш йолу
хIуманаш хIорш ю: деши а, дети а, цIаста а, 4 сийна
а, сирла-цIен а, таьIна-цIен а эханг а, дуткъа кIади
а, газанан тIаргIа а, 5 цIен басар хьаькхна йолу
уьстагIийн цIоканаш а, хIордан дийнатийн кIеда
тIаьрсиг а, акацин дечиг а, 6 къуьданна зайтдаьтта
а, къобалваран даьттанах а, хаза хьожа йогIучу
сегIазах а туху хаза хьожа йогIу хIуманаш а, 7
*ийпадна* а, некха тIе уллучу безачу тIоьрмагна а
тIехIитто оникс цIе йолу беза тIулг а, кхидолу деза
тIулгаш а. 8 Нахе Суна цIа дайта, тIаккха Со царна
юкъахь Iийр ву. 9 Ас хьайна ма-гайттара де и цIа а,
цу чуьра хIуманаш а».

### Бартбаран тIорказах лаьцна
(Арадаккхар 37:1-9)

10 «Акацин дечигах тIорказ де. Иза ши дол ахдол
деха а, цхьа дол ахдол шуьйра а, цхьа дол ахдол
лекха а хила деза. 11 Чухула а, тIехула а цIена деши
лаца цунна. ТIорказна тIехула, цунна гонах, дашо
сара лаца. 12 ТIорказна йиъ дашо чIуг а яй, беа
когахь дIачIагIъе уьш: шиъ цхьана агIор, шиъ
вукху агIор. 13 Акацих хьокхий а дай, тIехула деши
лаца царна. 14 Хьокхий тIорказан агIонашкахь
йолчу чIагарех чекхдаха, цаьрца иза
лeладархьама. 15 ЧIагарех чекхдаьхна а долуш,
гуттар а тIорказца хила деза хьокхий. Царна чуьра
уьш дIадаха ца могуьйту. 16 ТIорказ чу Ас хьайга лун
йолу экъанаш яхка, шуьца Ас бинчу бертан
тоьшалла хилийтархьама.
17 ††Дала къинош дIадоху негIар а де цIеначу
деших. Иза ши дол ахдол деха а, цхьа дол ахдол
шуьйра а хила деза. 18 Туьйсинчу деших негIарца
цхьаьна ши каруб- *малик* де, уьш негIарна тIехь
шина агIор хила деза. 19 Цхьа каруб-малик цхьана
агIор, важа вукху агIор а долуш, и шиъ негIарца
дийнна цхьа хIума хила деза. 20 Хьалаайинчу
тIемашца негIар дIа а хьулдеш, дуьхь-дуьхьал а,
негIарна тIедирзина а хир ду и *каруб-маликаш*.
21 НегIар тIорказна тIедилла. ТIорказ чу Ас хьайна
лун йолу а, бертан тоьшаллина йолу а экъанаш
яхка. 22 Тоьшаллин тIорказна тIехь долчу шина
каруб-маликана юккъехь, негIарна тIехула хьуна
дуьхьал а вогIур ву, хьоьга вист а хир ву Со. Цигахь
Исраилан халкъана дан дезарг тIедуьллур ду Ас
хьоьгахула».

### Даздина баьпкаш тIедохкучу стоьлах лаьцна
(Арадаккхар 37:10-16)

23 «Акацих стол е ши дол еха а, цхьа дол шуьйра а,
цхьа дол ахдол лекха а. 24 Цунна гонах деши а
лаций, тIаккха гонах дашо сара лаца. 25 Цунна гонах
гур бе кераюкъан шораллехь. Цунна тIе а дашо
сара лаца. 26 Стоьлана йиъ дашо чIуг е, уьш цуьнан
сенашкахь, беа кога тIехь, дIачIагIъе. 27 Стол
дIасалело хьокхий чекхдоху чIагарш стоьлан
гурана уллохь хила еза. 28 Хьокхий а акацих де,
царна тIехула деши лаца. Царна тIехь лелор ю и
стол. 29 Стоьлана тIехIитто бошхепаш а, еш а,
кедаш а, боганаш а де, царна чу чагIаран сагIанаш
доттархьама. ЦIеначу деших е и хIуманаш. 30 ‡Цу
стоьла тIехь Суна хьалха гуттар а Суна лерина
бепиг латтаде».

### Стогарх лаьцна
(Арадаккхар 37:17-24)

31 «ЦIеначу деших стогар бе. Цуьнан бух а, гIад а,
цу тIехь хуьлу зезагаш а (зуьгалгашца а, зазанашца
а) цхьана декъах туьйсина хила деза. 32 Ялх га хила
деза цунна тIехь: кхо га цхьана агIор, кхо га вукху
агIор. 33 Цхьана гаьнна тIехь миндалан зезаган
суьртехь кхо зезаг хила деза, зуьгалгашца а,
зазанашца а, иштта кхо зезаг вукху гаьнна тIехь а.
Стогаран ялхе а гаьнна тIехь хила деза уьш.
34 Миндалан зезаган суьртехь зуьгалгашца а,
зазанашца а долу диъ зезаг хила деза стогаран
гIода тIехь. 35 Стогаран гIодах схьадолучу ялх
гаьннах шинна кIелахь цхьа зуьгалг хила еза, вукху
шина гаьнна кIелахь а цхьа зуьгалг хила еза,
кхозлагIчу шина гаьнна кIелахь а цхьа зуьгалг хила
еза. 36 Цу стогарх схьадовлу зуьгалгаш а, гаьннаш а
стогарца цхьа дакъа долчу туьйсинчу цIеначу
деших дина хила деза. 37 ВорхI къуьда а бай, цунна
тIе бахка уьш, цаьрга стогаран хьалхара агIо
серлаяккхийта. 38 ЦIеначу деших тукарш а, нойш а
е цунна. 39 Берриг а шен гIирсашца цхьана галин
барамехь долчу цIеначу деших бе и стогар.

† 24:18 *Карлабаькккхинарг 9:9.*

†† *25:17 Iебархошка 9:5.* ‡ *25:30 Iамалъяр 24:5-8.*

40 †Варелахь, лам тIехь Ас хьайна гайтинчу кепехь
белахь стогар».

### Делан цIийнах лаьцна

(Арадаккхар 36:8-38)

26 « *Делан цIа* шех дина долу четар дуткъачу
кIадин итт шаршух а, сийна а, сирла-цIен а,
таьIна-цIен а эхангах а де. КIадеш тIехь говзачу
балхаца тIетегна каруб-маликийн суьрташ хила
деза. 2 ХIора шаршун йохалла ткъе бархI дол,
шоралла диъ дол хила еза. Шаршуш ерриш а
цхьана барамехь хила еза. 3 Пхи шаршу цхьаьна а,
важа пхи шаршу цхьаьна а вовшахтесна хила еза.
4 Сийначу кIадих туьйдаргаш де хьалхарчу
пхеаннах йистерачу шаршун цхьана агIор, иштта
де вукху пхеаннах йолчу йистерачунна а.
5 Хьалхарчу пхеаннах йолчу йистерачу шаршуна
тIехь шовзткъе итт туьйдарг хила деза, шолгIачу
пхеаннах йолчу йистерачунна тIехь а оццул хила
деза. Церан туьйдаргаш дуьхь-дуьхьал хила деза.
6 Шовзткъе итт дашо мIара а яй, шаршуш цаьрца
вовшахтаса, тIаккха цхьа четар хир ду цунах.
7 Газанан тIергIах шаршуш е четарна тIехула
лаца. Уьш цхьайтта хила еза. 8 Цхьа шаршу
йохалла ткъе итт дол, шоралла диъ дол хила еза.
Ерриш а цхьана барамехь хила еза уьш. 9 Царах
пхи шаршу къастийна вовшахтаса, важа ялх а
къастийна вовшахтаса. ЙолхалгIа шаршу, шалха а
йиллий, четарна хьалха нисъе. 10 Пхеаннах йолчу
йистерачу шаршун цхьана агIор шовзткъе итт
туьйдарг де, изза де ялханнах йолчу йистерачу
шаршуна а. 11 Шовзткъе итт цIестан мIара а яй, уьш
туьйдаргех дIатийса, тIаккха дерригенах а цхьа
четар хир ду. 12 Четарна тIетосучу шаршун
совйолуш йолчух ах тIехьарчу агIонна чукхозуш
йита. 13 Шаршуйн йохаллех совйолуш ерг цхьацца
дол четаран шина агIор кхозуш йита, четар
хьулдархьама.
14 Ши *кхалор* е четарна тIехула лаца – цхьаъ цIен
басар хьаькхна йолчу уьстагIийн цIоканех, важа
хIордан дийнатийн кIедачу тIаьрсигах.
15 Акацих ирахIиттийна гураш кечде четарна.
16 Итт дол деха а, цхьа дол ахдол шуьйра а хила
деза уьш. 17 ХIора гуран ши зIок хила еза, цхьаъ
шолгIачунна уллохь а йолуш. 18 Четаран къилбехьа
йолчу агIор ткъа гур бе. 19 Ткъа оцу гурашна
шовзткъа дато бух бе: шиъ цхьана гурана – цуьнан
шина зIакарна, шиъ вукху гурана – цуьнан шина
зIакарна. 20 Четаран къилбаседехьа йолчу агIор
ткъа гур бе. 21 Царна шовзткъа дато бух бе, ши бух
цхьана гурана а беш. 22 Четаран тIехьарчу,
малхбузехьа йолчу агIор ялх гур кечбе. 23 Ши гур
тIехьарчу агIор шина сонехь а кечбе. 24 Уьш лахахь
вовшахтесна хила деза, ткъа лакхахь цхьана
чIагарх дIатесна хила а деза. Шина сонехь болу и
ши гур иштта бина хила беза. 25 Берриг а бархI гур
хир бу, уьш тIехIитто ялхитта дато бух а болуш –
хIора гурана шишша бух.
26 Акацих хьокхий кечде: пхиъ цхьана агIор долчу
гурашна, 27 пхиъ вукху агIор долчу гурашна, кхин
пхиъ тIехьарчу, малхбузехьарчу агIор долчу
гурашна. 28 Юккъехь болу хьокха гурашна
юккъехула цхьана йистера вукху йисте чекхбала
беза. 29 Гурашна тIехула деши лаца, хьокхий
чухIитто чIагарш а деших е, хьокхешна тIехула а
деши лаца. 30 Хьайна лам тIехь гайтинчу кепара
четар дIахIоттаде.
31 Сийначу а, сирла-цIечу а, таьIна-цIечу а эхангах
а, дуткъачу кIадих а хьалха уллу кирхьа де. Цу тIехь
говза дина каруб-маликийн суьрташ хила деза. 32 И
кирхьа акацих бинчу беа бIогIамна тIеолла. И
бIогIамаш дешица кхелина а, шайна тIехь дашо
зIакарш йолуш а, детих бинчу баххаш тIехь
лаьтташ а хила деза. 33 ††Четаран лакхахь уллу
мIерех дIатаса и кирхьа. Цунна тIехьа дIахIоттаде
бартбаран тIорказ. Цу кирхьано еза чоь уггар езачу
чоьнах дIакъастор ю. 34 Уггар езачу чохь долчу
бартбаран тIорказна тIе негIар дилла. 35 Кирхьанна
арахьа четаран къилбаседехьа йолчу агIор стол
хIоттае, цунна дуьхьал четаран къилбехьа йолчу
агIор стогар хIоттабе.
36 Четарна чуволучу меттехь сийначу а, сирла-
цIечу а, таьIна-цIечу а эхангах а, дуткъачу кIадих а
шаршу кечъе, тIехь говзачу суьрташца юьйцина
йолу. 37 И шаршу дIаолла акацих пхи бIогIам кечбе,
уьш дешица кхала. Царна тIехь дашо мIерий а де, и
бIогIамаш тIехIитто пхи цIестан бух а бе».

### СагIа доккхучу кхерчах лаьцна

(Арадаккхар 38:1-7)

27 «Акацих *сагIа доккху кхерч* бе. Иза беакIов а
болуш, бохалла а, шоралла а пхи *дол* хила
беза, локхалла кхо дол хила беза. 2 Кхерчан еа
маьIIехь цхьацца маIа е, уьш цуьнца цхьана
декъах а йойтуш. Кхерч цIастанца кхала. 3 Цуьнца
цхьаьна е юкъ чуйохка кхабанаш а, лело аьшкалш
а, боганаш а, мIерий а, кIора чубухку нойш а. И
хIуманаш цIастанах йина хила еза. 4 ЦIастанах цаца
бе кхерчана тIебилла. Цецан еа маьIIехь цIастанах
цхьацца чIуг е. 5 Кхерчан хIазарна кIел билла и
цаца, кхерчана юккъе кхаччалц иза дIа а нисбеш.
6 Кхерчана акацих хьокхий кечде, царна тIе а
цIаста лаца. 7 Хьоккхий чIагаршна чу хIиттаде, кхерч
дIахьочу хенахь уьш шина агIор хилийта.
8 Юккъехь баьсса а болуш, аннех бе кхерч, Ас лам
тIехь хьайна ма-гайттара».

### Делан четаран кертахь

(Арадаккхар 38:9-20)

9 «Делан четаран керт нисъярхьама, шаршуш
охка. Къилбехьа агIор дуткъачу кIадих йина
шаршуш охка, церан йохалла бIе дол хила еза.
10 Ткъа бIогIам а, ткъа цIестан бух а хIоттабе царна.

† *25:40 Векалийн 7:44; Iебархошка 8:5.*

†† *26:33 Iебархошка 6:19; 9:3-5.*

БӀогӀамаш тӀера мӀерий а, царна тӀера дӀатосургаш
а дато хила еза. 11 Иштта къилбаседехьа агӀор а бӀе
дол еха шаршуш охка. Царна а ткъа бӀогӀам а,
цӀестан ткъа бух а кечбе. БӀогӀамаш тӀера мӀерий а,
дӀатосургаш а детих е. 12 Кертан шоралла,
малхбузехьа агӀор, шовзткъе итт дол еха шаршуш
охка. Царна итт бӀогӀам а, итт бух а кечбе. 13 Кертан
шоралла, малхбалехьа агӀор, шовзткъе итт дол еха
шаршуш охка. Царна а итт бӀогӀам а, итт бух а
кечбе. 14 Цхьана агӀор, керта воьдучохь, йохаллина
пхийтта дол хуьлуьйтуш шаршуш охка, царна кхо
бӀогӀам а, кхо бух а кечбе. 15 Вукху агӀор а
йохаллина пхийтта дол шаршуш охка, царна кхо
бӀогӀам а, кхо бух а кечбе. 16 Кертан кевнна
йохаллина ткъа дол хуьлуьйтуш, тӀехь тӀамарш а
йолуш, сийначу а, сирла-цӀечу а, таьӀна-цӀечу а
эхангах а, дуткъачу кӀадих а йина шаршуш охка.
Царна биъ бӀогӀам а, биъ бух а кечбе. 17 Дерриш а
кертана гонахара бӀогӀамаш детих йинчу
дӀатосургашца вовшахтесна хила деза. Царна тӀера
мӀерий детих дина хила деза, ткъа церан баххаш
цӀастанах бина хила беза. 18 Керт йохалла бӀе дол,
шоралла шовзткъе итт дол, локхалла пхи дол хила
еза. Цунна оьхкина шаршуш дуткъачу кӀадих хила
еза, бӀогӀамийн баххаш цӀестан хила деза. 19 Делан
четар чохь лело гӀирсаш а, иза чӀагӀдеш тухуш долу
хьостамаш а, керт чӀагӀдеш долу хьостамаш а
цӀастанах дина хила деза».

### Стогар Ӏалашбарх лаьцна
(Ӏамалъяр 24:1-4)

20 «Исраилхошна тӀедилла, даго тоьлла цӀена
зайтдаьтта да алий, стогар массо а хенахь богуш
хилийта. 21 Гуламан четар чохь бартбаран
тӀорказна хьалха оьллинчу кирхьанна арахьа хир
бу стогар. АхӀарона а, цуьнан кӀенташа а и стогар
Везачу Элана хьалха латийна латто беза, сарахь
дуьйна Ӏуьйре тӀеккхаччалц. Ерриг а тӀейогӀу йолчу
ханна исраилхойн тӀаьхьенашна тӀедиллина ду
иза».

### Динан коьртачу ден АхӀаронан духарх лаьцна
(Арадаккхар 39:1-7)

28 «Хьайн ваша АхӀарон а, цуьнан кӀентий а
исраилхошна юкъара схьа а къастабай,
царах Суна гӀуллакх деш болу динан дай бе. Уьш
АхӀарон а, цуьнан кӀентий: Надаб а, АбихӀу а,
ЭлиӀазар а, Итамар а хила беза. 2 Хьайн вешина
АхӀаронна деза духарш де, цуьнан сий а, ларам а
айархьама. 3 Цу балхана Ас похӀма деллачу говзачу
нахе дӀаала, Суна гӀуллакх деш *динан да* хила иза
къобалван, АхӀаронна духарш кечде алий. 4 Цара
кечдан деза духарш хӀорш ду: некха тӀе уллу беза
тӀоьрмаг а, *ийпад* а, тӀехула юху оба а, дуткъачу
дуьйцинчу кӀадих коч а, чалба а, доьхка а. И деза
духарш АхӀаронна а, цуьнан кӀенташна а дайта,
Суна гӀуллакх деш динан дай уьш хилийта.
5 Пхьерашка деши а, сийна а, сирла-цӀен а, таьӀна-
цӀен а эханг а, дуткъа кӀади а схьаэцийта.
6 Деших а, сийначу а, сирла-цӀечу а, таьӀна-цӀечу а
эхангах а, дуткъачу кӀадих а ийпад цӀе йолу тӀехула
юху бедар говзаллица кечъяйта цаьрга.
7 Белшашкахь ийпад дӀайоьхкуш ши гур хила беза,
цаьрца ийпадан ши агӀо цхьаьнатесна хилийта.
8 Ийпадна тӀехула доьхкуш, иза ша санна дина долу
доьхка хила деза. Деших а, сийначу а, сирла-цӀен а,
таьӀна-цӀен а эхангах а, дуткъачу кӀадих а дина
хила деза иза. 9 Оникс цӀе йолу ши беза тӀулг схьа а
эций, царна тӀехь Исраилан кӀентийн цӀераш язъе:
10 ялх цӀе цхьана безачу тӀулга тӀехь, важа ялх вукху
безачу тӀулга тӀехь, вокх-воккхачу кӀентан цӀе
хьалха а язъеш. 11 МухӀар дечу пхьере шина тӀулга
тӀехь Исраилан кӀентийн цӀераш а язъяйтина,
дашо беттанаш чу хӀиттадайта и тӀулгаш.
12 Ийпадан гураш тӀехь чӀагӀъяйта и ши ботт. Цара
Везачу Элана исраилхой дагахь латтор бу. Цунна
хьалха АхӀарона шен белшаш тӀехь лелор ю и
цӀераш, уьш дагахь латтийта. 13 Деших беттанаш е.
14 ЦӀеначу деших юьйцина ши зӀе а яй, уьш
беттанаш тӀе дӀатийса».

### Некха хьалха уллучух лаьцна
(Арадаккхар 39:8-21)

15 «Говзачу балхаца некха тӀе уллу беза тӀоьрмаг а
бе. Ийпад санна, деших а, сийначу а, сирла-цӀен а,
таьӀна-цӀен а эхангах а, дуткъачу кӀадих а йина
хила еза иза а. 16 ЕакӀов а, шалха а хила еза иза,
йохалла а, шоралла а цхьа *ше* а йолуш. 17 Дашо
беттанаш чохь деза тӀулгаш дахка безачу
тӀоьрмагна тӀе беа могӀарехь. Цхьана могӀарехь
рубин а, топаз а, изумруд а хилийта. 18 ШолгӀачу
могӀарехь карбункул а, саппир а, алмаз а хилийта.
19 КхозлагӀчу могӀарехь яхонт а, агат а, аметист а
хилийта. 20 БоьалгӀачу могӀарехь хризолит а, оникс
а, яспис а хилийта. Дашо беттанаш чу хӀиттийна
хила деза уьш. 21 ТӀулгаш шийтта хила беза
Исраилан шийтта кӀентан цӀарах. ХӀора тӀулга
тӀехь, мухӀарна тӀехь санна, Исраилан тайпанийн
цхьацца цӀе язйина хила еза. 22 ЦӀеначу деших
юьйцина зӀенаш е безачу тӀоьрмага тӀе таса.
23 Дашо ши чӀуг а яй, безачу тӀоьрмаган шина
маьӀIе дӀатаса уьш. 24 Юьйцина ши зӀе оцу шина
чӀагарх дӀатаса. 25 Шина зӀенан важа ши юьхьиг
хьалхарчу агӀор долчу ийпадан гурашна тӀехь
йолчу шина баттах дӀатаса. 26 Дашо ши чӀуг а яй,
безачу тӀоьрмаган чухуларчу, ийпадна уллохь
йолчу шина маьӀIе дӀатаса уьш. Ши дашо чӀуг а яй,
безачу тӀоьрмагна чухула ийпад йолчу агӀор
дӀатаса уьш. 27 Кхин а ши дашо чӀуг а яй, ийпадан
гурана лахахьа, хьалха агӀор, доьхкарна тӀехула
дӀатаса уьш. 28 Беза тӀоьрмаг шен чӀагаршца
сийначу эханган тӀергаца ийпадан чӀагарех
дӀабехка, ийпадан доьхкарна тӀехула а болуьйтуш,
ийпадах дӀа а ца къостуьйтуш.

[29] Ша *Делан четар* чу воьдуш, АхIарона безачу
тIоьрмага тIехь шен дагна уллохь Исраилан
тайпанийн цIераш лелор ю, Везачу Элана уьш
массо а ханна дагахь латтийта. [30] †Безачу тIоьрмага
тIе дахка *Урим а*, *Тумим а* олу деза тIулгаш ††.
Везачу Элана хьалха АхIарон хIуттуш цуьнан дагна
уллохь хир ду уьш. Ша Везачу Элана хьалха а
волуш, исраилхошна хIун дан деза
билгалдаккхаран хIуманаш шен дагна уллохь
лелор ю АхIарона».

### Динан дайн духар
(Арадаккхар 39:22-31)

[31] «Ийпадаца юха оба е сийначу басахь. [32] Цунна
юккъехь корта чекхбаккха Iуьрг хила деза. ЭтIа ца
этIийта цу Iуьрган йистош, кIади а лоцуш, дIатега
еза. [33] Обанан юьхах сийначу а, можачу а, сирла-
цIечу а, таьIна-цIечу а эхангах дина оьргаш охка,
царна юккъе гобаьккхина дашо горгалеш а тосуш.
[34] Дашо горгали а, уьйраг а уллуш, кечъе обанан
юх. [35] Оба АхIаронна тIехь хир ю иза волчуьра зов
хазийта, Делан четаран езачу чоьнна чохь Везачу
Элана хьалха хIуттуш а, цу чуьра араволуш а иза ца
кхалхийта.
[36] ЦIеначу деших экъа е. Цу тIехь, мухIар тIехь
санна, язде: „Везачу Элана къобалдинарг“.
[37] Чалбанан хьалхарчу агIор сийначу тIергаца
дIатаса иза. [38] АхIарона иза шен коьрта тIехь лело
еза. Нагахь исраилхоша даьхна сагIанаш кхачам
боцуш хилахь, нехан бехк цо шена тIе лоцур бу.
Веза Эла оцу сагIанашна резахилийта, массо а
ханна АхIарона шен коьрта тIехь лело еза и экъа.
[39] Дуткъачу кIадих коч йоза, иштта, чалба а,
доьхка а де дуткъачу кIадих. Доьхка тир яьккхина
хила деза.
[40] АхIаронан кIенташна а е кучамаш а, доьхкий а,
коьртах йоьхку хIуманаш а. Цу духарша церан сий
а, ларам а хуьлуьйтур бу. [41] Хьайн вешина
АхIаронна а, цуьнан кIенташна а тIедуха и духарш.
Царна тIе даьтта а дуттуш, Суна леррина гIуллакх
дан къобалбе уьш, Сан дуьхьа уьш дIа а къастош,
тIаккха Суна лерина гIуллакх деш динан дай хир бу
царах. [42] Дуткъачу кIадих, гIодаюкъара гIогIаш тIе
кхаччалц дегI хьулдеш, бедар кечъе царна. [43] И
бедарш АхIаронна а, цуьнан кIенташна а тIехь
хила еза, уьш гуламан четар чу богIуш а, езачу
чоьнна чохь гIуллакх дан сагIа доккхучу кхерчана
тIе богIуш а, царна тIе бехк а биллина, уьш хIаллак
ца хилийтархьама. АхIаронна а, цуьнан тIаьхьенна
а гуттаренна а тIедиллина хIума ду иза».

† 28:30 Лелар 27:21; Карлабаьккхинарг 33:8; Iезар 2:63; Нахьми-ЯхIу 7:65. †† Урим а, Тумим а *– Делан лаам хаархьама, динан дас лелош болу ши тIулг. Билггал цаьрца деш дерг хууш дац.*

### Динан дай къобалбан тIедехкинарш
(Iамалъяр 8:1-36)

**29** «Суна лерина гIуллакх дан царах динан дай
беш, ахь хIара дан деза: кхиъна йогIу старгIа
а, ши ка а схьабалабе (уьш массо а дерт доцуш
хила деза), [2] совсаза бепиг а, зайтдаьтта тоьхначу
демах дина совсаза бепиг а, зайтдаьтта хьаьккхна
дуткъа совсаза хьокхамаш а схьаэца. Уьш кIенан
демах дина хила деза. [3] Цхьана тускар чу бепиг а,
хьокхамаш а дахка, ткъа иза старгIица а, шина
коьмаца а цхьаьна схьада.
[4] АхIарон а, цуьнан кIентий а, гуламан четаран
неIаре схьа а балабай, хица лийчабе. [5] Духарш схьа
а эций, АхIаронна тIе коч а, оба а, *ийпад* а юха,
некха хьалха беза тIоьрмаг а олла, юкъах ийпада
тIехула доьхка а дехка. [6] Цуьнан коьрта чалба а
тилла, ткъа цу тIехь иза Везачу Элана лерина ву
аьлла *таж* а чIагIде. [7] Къобалдан лерина долу
даьтта, схьа а эций, АхIаронан коьрта тIе дотта, иза
къобал а веш.
[8] Схьа а балабай, цуьнан кIенташна тIе кучамаш
юха. [9] Царна ‡ юкъах доьхкарш а дехка, кортош тIе
кIадинан асанаш а яхка, тIаккха царах ерриг а
тIейогIучу ханна динан дай хир бу. Иштта АхIарон
а, цуьнан кIентий а Суна леррина гIуллакх дан
къобалбийр бу ахь.
[10] СтаргIа гуламан четарна хьалха схьаялае.
АхIарона а, цуьнан кIенташа а старгIин коьрта тIе
куьйгаш дохкур ду. [11] Делан цIенна хьалха, Везачу
Элана а гуш, урс хьакха цу старгIина. [12] СтаргIин
цIий хьайн пIелгаца сагIа доккхучу кхерчан маIаш
тIе а хьакха, диснарг кхерчана улло охьа а дотта.
[13] Чоконаш хьулъеш мел йолу мохь а, доIах тIехь
йолу мохь а, шайна тIера махьарца ши жим а, схьа
а эций, сагIа доккхучу кхерча тIехь багабе.
[14] СтаргIин жижиг а, неI а, боьхаллаш а, шайн
меттаматтера ара а яхий, ягае. Иза къинах луш
долу сагIа ду.
[15] Юха шина коьмах цхьаъ схьабалабе. АхIарона
а, цуьнан кIенташа а цуьнан коьрта тIе куьйгаш
дохкур ду. [16] Коьмана урс а хьаккхий, цуьнан цIий
схьа а эций, сагIа доккхучу кхерчан еа агIонна тIе
цинцаш тоха. [17] Ка дакъошка бекъа а бекъий,
цуьнан чоконаш а, когаш а била. Йилина меженаш
дакъошна а, коьртана а тIеяхка. [18] ‡‡Берриг а ка
сагIа доккхучу кхерча тIехь багабе. Иза дийнат
дагоран цIера тIехь даьккхина сагIа ду, цуьнан
хьожа Везачу Элана тамехь ю.
[19] Важа ка а схьабалабе. АхIарона а, цуьнан
кIенташа а куьйгаш цуьнан коьрта тIе дохкур ду.
[20] Коьмана урс а хьаккхий, цуьнан цIийх цхьадерг
АхIаронан а, цуьнан кIентийн а аьтту лерган
дуьмана тIе а, аьтту куьйган а, коган а нана-пIелга
тIе а хьакха. Юха сагIа доккхучу кхерчан еа агIонна

‡ Царна *– иштта ду грекахойн гочдар тIехь. Iебархойн маттахь: *АхIаронна а, цуьнан кIенташна а.** ‡‡ 29:18 Эпасхошка 5:2; Пилапхошка 4:18.

тIе цIийн цинцаш тоха. 21 Къобалдаран цхьажимма
зайтдаьтта а, сагIа доккхучу кхерча тIера
цхьажимма цIий а, схьа а эций, АхIаронна а,
цуьнан бедаршна а цинцаш тIетоха, цуьнан
кIенташна а, церан бедаршна а цинцаш тIетоха.
ТIаккха иза а, цуьнан бедарш а, шайн бедаршца
цуьнан кIентий а базбина хир бу.
22 АхIарон вазваран ка иза болу дела, коьман
мохь а, цуьнан дума а, чоконан мохь а, доIахана
тIера мохь а, ши жим а, царна тIера мохь а, аьтту
гIогI а схьаэца. 23 Везачу Элана хьалха
дIахIоттийначу тускар чуьра совсаза цхьа бепиг а,
зайтдаьтта тоьхначу демах дина совсаза цхьа
бепиг а, зайтдаьтта хьаькхна дуткъа совсаза цхьа
хьоккхам а схьаэца. 24 И дерриг а АхIаронан а,
цуьнан кIентийн а кара дилла. ТIаккха цаьрга и
хIуманаш Везачу Элана лерина шатайпа сагIа
санна хьалаайийта. 25 Юха, цаьргара схьа а эций,
сагIа доккхучу кхерча тIехь, дийнат дагоран сагIина
тIехь, ягае уьш, Везачу Элана тамехь хьожа
кхетийта. Иза цIера тIехь даьккхина сагIа ду.
26 АхIарон вазваран коьман накха схьа а эций,
Везачу Элана лерина шатайпа сагIа санна хьалаайа
иза.
27 Вазваран коьмах АхIаронна а, цуьнан
кIенташна а лерина дакъош схьакъастаде Суна:
хьалаайина накха а, гIогI а. 28 ТIейогIу йолчу хенахь
исраилхоша гуттар а АхIаронна а, цуьнан
кIенташна а дIалун долу дакъош хир ду уьш. И
сацам Ас гуттаренна а бина. И дакъош исраилхоша
Суна луш долу совгIат ду, цара бертан сагIанаш
дохучу хенахь.
29 АхIаронна дина деза духарш цуьнан кIенташна
дуьсур ду, и духарш шайна тIехь а долуш, уьш, тIе
даьтта а дуттуш, Суна леррина гIуллакх дан
къобалбархьама. 30 ВорхI дийнахь и духарш лело
деза АхIаронан метта веанчу цуьнан кIентех волчу
а, гуламан четаран езачу чоьнахь Суна гIуллакх
дан цу чу воьдун волчу а динан дас.
31 АхIарон вазваран ка схьа а эций, цунах долу
жижиг езачу меттехь кхехкаде. 32 Гуламан четаран
неIарехь цу коьман жижиг а, тускар чуьра дисина
долу бепиг а даа деза АхIарона а, цуьнан кIенташа
а. 33 АхIаронан а, цуьнан кIентийн а къинош
дIадахаран Iадатехь, Суна хьалха гIуллакх дайта
уьш къобалбан а, уьш базбан а йолчу хенахь,
лелабо и кхача. Кхиволчо и кхача баа мегар дац,
иза беза хиларна. 34 Нагахь санна цу жижигах а,
баьпках а Iуьйре тIекхаччалц хIума дисахь, иза
дагаде. Диснарг даа мегар дац, хIунда аьлча иза
беза кхача бу.
35 АхIаронца а, цуьнан кIенташца а дан дезарг Ас
хьайна тIе-ма-диллара кхочушде дерриг а. Суна
леррина гIуллакх дан уьш къобалбар ворхI
дийнахь дIадахьа деза. 36 ХIора дийнахь цхьацца
старгIа, е а йийна, къинна дуьхьал сагIа санна
яккха, къа дIадаккхархьама а, *сагIа доккху кхерч*
цIанбархьама а. Кхерча тIе даьтта дотта, иза беза
хилийта. 37 ВорхI дийнахь иштта къа дIадоккху
сагIанаш даха, кхерч баз а беш. ТIаккха иза чIогIа
беза хир бу. Дерриг а кхерчах хьакхаделларг деза
хир ду».

### ХIора дийнахь доху сагIанаш

(Лелар 28:1-8)

38 «ХIора дийнахь сагIа доккхучу кхерча тIехь цхьа
шо кхаьчна ши Iахар сагIина боккхур бу ахь.
39 Цхьа Iахар Iуьйранна баккха, важа сарахь баккха.
40 Хьалхарчу Iахарца иштта сагIанаш даха:
кхачанан сагIа санна *хIинан* доьалгIа дакъа тоьлла
долчу зайтдаьттанца эдина бархI кад дама, ткъа
чагIаран сагIа санна биъ кад чагIар. 41 ШолгIа Iахар
сарахь, сагIа санна баккха, ткъа цуьнца
хьалхарчуьнца санна долу кхачанан сагIа а,
чагIаран сагIа а даккха. Иза цIера тIехь даьккхина
сагIа ду, ткъа цуьнан хьожа Везачу Элана тамехь
хир ю. 42 Иштта дагоран сагIа аш гуттар а даккха
деза Везачу Элана хьалха, гуламан четарна чу
волучохь. Цигахь, шуна хьалха а хIуттуш, хьоьца
къамел дийр ду Ас. 43 Цу меттехь исраилхошна
хьалха хIуттур ву Со, Сан олаллин нуьро цу
меттигах еза меттиг йийр ю. 44 Гуламан четар а,
сагIа доккху кхерч а базбийр бу Ас. АхIарон а,
цуьнан кIентий а Ас дIакъастор бу, цаьрга Сайна
динан дайшка санна гIуллакх дайта.
45 Исраилхошна юкъахь Iийр ву Со, церан Дела а
хир ву Со. 46 Царна хуур ду Со церан Веза Дела
вуйла, царна юкъахь Iархьама, уьш Мисарара
арабаьхна волу. Со церан Веза Дела ма ву».

### Хаза хьожа йогIу хIума ягочу кхерчах лаьцна

(Арадаккхар 37:25-28)

30 «Акацих *хаза хьожа йогIу хIума* яго кхерч бе.
2 Иза беакIов хила беза, цхьа *дол* беха а, цхьа
дол шуьйра а, ши дол лекха а болуш. Кхерчан еа
маьIIехь маIаш хила еза, кхерчаца
цхьаьнахоттаелла а йолуш. 3 ЦIена деши лаца
цунна тIехула а, гонах а, маIашна тIе а. Кхерчана
гонах дашо сара лаца. 4 Серана кIелахь цуьнан
шинна а агIор деших ши чIуг е, вукху агIор а е
иштта ши чIуг. Кхерч лело хьоккхий чекхдаха деза
цу чIагарех. 5 Хьоккхий а акацих де, тIехула деши а
лоцуш. 6 Тоьшаллин тIорказна хьалха оьллинчу
кирхьанна сехьа агIор хIоттабе и кхерч. Тоьшаллин
тIорказна тIехула къинош дIадахаран негIарна
дуьхьал ду иза, Со хьуна дуьхьал хIуттучу меттехь.
7 Цу кхерчана тIехь АхIарона хаза хьожа йогIу хIума
ягор ю. ХIора Iуьйранна, къуьданаш цIандечу
хенахь, цу кхерчана тIехь хаза хьожа йогIу хIума
яго еза АхIарона. 8 Сарахь а, ша къуьданаш латош,
оцу кхерчана тIехь яго еза цо хаза хьожа йогIу
хIума. ТIейогIу йолчу хенахь Везачу Элана хьалха
аш гуттар а дан дезаш ду иза. 9 Цу кхерча тIехь кхин
йолу хIума ма ягае, дийнаташ дагоран а, кIен а
сагIанаш ма даха цу тIехь, иштта, чагIаран сагIа ма
дитта цу тIе. 10 Къинна дуьхьал даьккхинчу сагIин

цIий а эцна, шарахь цкъа АхIарона оцу кхерчан
маIаш тIе хьакха деза и цIий, кхерч цIанбархьама.
Шуна тIаьхьенна гуттаренна а шарахь цкъа кхерч
иштта цIанбан безаш бу. Везачу Элана хьалха уггар
беза кхерч бу иза».

### Делан четарна луш йолу ял

11 Везачу Эло Мусага элира: 12 «Айхьа исраилхой
багарбечу хенахь хIоранга а шен синах Везачу
Элана мах балийта, цу хенахь царна юкъахь
кхераме хIумма а ца хилийтархьама. 13 †ХIораммо а,
ша вагарвечу хенахь, ахшекхал дала деза, дезачу
шекхале хьаьжжина (цхьана дезачу шекхала чу
ткъа гер †† догIу). И ахшекхал Везачу Элана луш
долу сагIа ду. 14 Ткъа шарал тIехваьлла волчо
хIораммо а Везачу Элана и сагIа дала деза ша
вагарвечу хенахь. 15 Хьал долчо сов а ца луш, къечо
кIезиг а ца луш, ахшекхал шен сих мах бала беза
Везачу Элана хIораммо а. 16 Исраилхошкара
схьаэцна и дети гуламан четаран гIуллакхна
леладе. Везачу Элана хьалха исраилхошна дагахь
латтар ду иза, шайн синойх белла мах буйла
хууш».

### Юьхь-куьгдуьлургах лаьцна

17 Везачу Эло Мусага элира: 18 ‡«ЦIастанан юьхь-
куьгдуьлург е цIано ян, цIастанах цуьнан бух а бе.
Иза гуламан четарна а, сагIа доккхучу кхерчана а
юккъе а хIоттаяй, цу чу хи дотта. 19 АхIароне а,
цуьнан кIенташка а цу чуьра долчу хица шайн
куьйгаш а, когаш а дилийта. 20 Шаьш гуламан четар
чу боьлхуш, дегIах хи кхарза деза цара бала ца
балархьама. Иштта дан деза шайн гIуллакх дан
сагIа доккхучу кхерча тIебоьдучу хенахь а, Везачу
Элана цIера тIехь сагIа даккхархьама. 21 Бала ца
балархьама шайн куьйгаш а, когаш а хица дила
деза цара. Царна а, церан тIаьхьенашна а
гуттаренна а тIедиллина ду иза».

### Къобалван тIедуттуш долу даьтта

22 ‡†Везачу Эло Мусага элира: 23 «Хаза хьожа йогIу
уггар тоьлла хIуманаш схьаэца: шийтта герка ‡‡
коча деза даьтта а, цуьнан ахбарам я ялх герка хаза
хьожа йолу корица а, ялх герка хаза хьожа йолу эрз
а, 24 шийтта герка кассия-диттах даьккхина даьтта
а, ялхитта кад зайтдаьтта а. 25 Оцу дерригенах а
тIедуттуш долу а, духIиш кечдаран пхьеро эдинарг
санна долу а деза даьтта кечде. Иза къобалваран
деза даьтта хир ду. 26 Гуламан четарна а,
тоьшаллин тIорказна а, 27 стоьлана а, цу тIехь
латтачу хIуманашна а, стогарна а, цуьнан
гIирсана а, хаза хьожа йолу хIума ягочу кхерчана а,
28 дийнаташ дагоран сагIа доккхучу кхерчана а,
цуьнан гIирсана а, цIано ечу юьхь-куьгдуьлургана
а, цуьнан бухана а тIе дотта иза. 29 Иштта язъе и
хIуманаш, тIаккха уьш чIогIа еза хир ю. Дерриг а
царах хьакхалуш дерг деза хир ду. 30 АхIарон а,
цуьнан кIентий а, тIе даьтта а доттий, базбе, Суна
гIуллакх деш динан дай царах хилийта.
31 Исраилхошка дIаала: „Шун тIаьхьенашкахь Суна
лерина долу къобалваран деза даьтта хир ду иза.
32 Хийрачу нехан догIмашна тIе иза дотта мегаш
дац, кхидолчу Iалашонашна цуьнан барамех эдина
даьтта а дан мегар дац. Иза чIогIа деза ду, шуна
деза хила а деза иза. 33 Цунах тера даьтта а
кечдина, иза хийрачу стагана тIе дуттург шен
халкъана юкъара эккхор ву“».

### Хаза хьожа йогIу сегIаз

34 Везачу Эло Мусага элира: «Хаза хьожа йогIу
сегIазаш схьаэца: стакти а, оних а, халван а, цIена
*ливан* а цIе йолу хIуманаш. Ерриг а цхьана
барамехь хила еза. 35 Хаза хьожа йогIу а, духIиш
кечдаран пхьеро эдинарг санна долу а сегIаз кечде
цу хIуманех. Цу чу туьха таса, иза цIена а, деза а
хилийтархьама. 36 Цунах цхьа дакъа, кегийра ата а
атий, гуламан четар чохь, Со хьайна дуьхьал вогIун
волчохь, тоьшаллин тIорказна хьалха дилла. Шуна
чIогIа еза хIума хир ю иза. 37 И санна хаза хьожа
йогIу сегIаз шайна ма делаш, Везачу Элана лерина
бен хила йиш яц и еза хIума. 38 Цуьнан хьожа
кхетархьама цунах тера сегIаз кечдинарг шен
халкъана юкъара эккхор ву».

### Пхьерех лаьцна

(Арадаккхар 35:30–36:1)

31 Везачу Эло Мусага элира: 2 «Ас хаьржира
ЯхIудан тIаьхьенах волчу Хьоран кIентан
Урин кIант Бацалиал. 3 Ас иза Делан Синах вуьзна.
Муьлхха а хIума ян похIма а, говзалла а, хаар а Ас
делла цунна: 4 говзачу куьцан хьесап дан а, и куц
деших а, детих а, цIастанах а дан а, 5 дезачу тIулгах
а, дечигах а хIуманаш кечъян а, мел болу говза
болх бан а. 6 Данан тIаьхьенах волу Ахьисамахан
кIант ОхIлиаб велира Ас цунна гIоьнна. ХIора
пхьерана Ас хьекъал а, говзалла а делира, Айса
хьуна тIедиллинарг цаьрга кхочушдайта. 7 Цара
дийр ду гуламан четар а, *тоьшаллин тIорказ* а, цу
тIе негIар а, четаран берриг а гIирс а, 8 стол а,
цуьнан гIирс а, цIеначу деших болу стогар а,
цуьнан мел болу гIирс а, *хаза хьожа йогIу хIума* яго
кхерч а, 9 дийнаташ дагоран *сагIа доккху кхерч* а,
цуьнан мел болу гIирс а, юьхь-куьгдуьлург а,
цуьнан бух а, 10 динан дайн деза духарш а (Iамал
ечу хенахь *динан да* волчу АхIарона а, цуьнан
кIенташа а тIедуха дезаш долу деза духарш),
11 къобалваран даьтта а, четаран езачу чоьнна хаза
хьожа йогIу сегIаз а – дерриг а дийр ду цара, Ас
хьоьга ма-аллара».

---

† *30:13 Арадаккхар 38:25, 26; Маттай 17:24.* †† *Гер *– цхьа гер 0,6 грамм озаран барам бу.** ‡ *30:18 Арадаккхар 38:8.* ‡† *30:22-38 Арадаккхар 37:29.* ‡‡ *Шийтта герка *– ма-дарра аьлча, Iебархойн маттахь дIаяздина ду: *пхи бIе шекхал. *Ткъа цхьа шекхал итт грамм барамал яра.**

### Шоьтан садоIу де ларар

12 Везачу Эло Мусага элира: 13 «ДIаала
исраилхошка иштта: „Сан шоьтан садоIу денош
ларде, хIунда аьлча тIейогIуш йолчу тIаьхьенашна
иза Суна а, шуна а юкъахь шатайпа билгало хир ю
шуна хаийта, шух деза халкъ деш волу Веза Эла Со
вуйла. 14 Шоьтан садоIу де ларде, хIунда аьлча иза
шуна деза ду. Иза сийсаздинарг вуьйр ву, цу
дийнахь болх беш верг шен халкъана юкъара
эккхор ву. 15 †Ялх дийнахь болх бе, ткъа ворхIалгIа
де – Везачу Элан дуьхьа дIакъастош долу дуьззина
садаIаран шоьтан де ду. Шотдийнахь болх беш
верг муьлхха а вен веза. 16 Массо а хенахь
исраилхоша лардан деза шоьтан садоIу де, шайн
тIаьхьенашкахь а иза лоруш, гуттар а хир болу
барт санна. 17 ††Иза Суна а, Исраилан халкъана а
юкъахь йолу шатайпа билгало ю ерриг а тIейогIу
йолчу ханна, хIунда аьлча Везачу Эло ялх дийнахь
кхоьллина стигал а, латта а, ткъа ворхIалгIачу
дийнахь Цо, Ша динчу гIуллакхех паргIат а ваьлла,
садаьIна“».
18 Синай-лам тIехь Мусаца къамел чекх а
даьккхина, цунна Шен куьйгаца язйина йолу
тIулган ши экъа елира Везачу Эло.

### Дашо старгIа

(Карлабаьккхинарг 9:6-29)

32 ‡Муса лам тIера чу ца вуссуш дуккха а хан
яьлча, халкъо, АхIаронна гонах а гулделла,
элира: «Тхо Мисарара арадаьхначу Мусана хIун
хилла тхуна ца хаьа, цундела, хьалха а ваьлла, тхо
дIадуьгун долу дела ве тхуна ‡†».
2 АхIарона элира нахе: «Шайн зударийн а,
кIентийн а, йоIарийн а лергех йохку дашо чIагарш,
схьа а яхий, со волчу схьая». 3 Дерриг а халкъо,
шайн лергашкара дашо чIагарш схьа а яьхна, уьш
АхIаронна схьаеара. 4 ‡‡Нехан карара уьш схьа а
эцна, лала а йина, царах старгIин сурт дира цо,
уьрсаца иза то а деш.
ТIаккха халкъо бохура: «Хьо Мисарара
арадаьккхина, хьан дела ‡‡† ву хIара, Исраилан
халкъ!»
5 Иза ган а гина, ша динчу суьртана хьалха сагIа
доккху меттиг а кечйина, АхIарона дIахаийтира:
«Кхана Везачу Элана лерина деза де хир ду».
6 ‡‡‡ШолгIачу дийнахь, хьалхе хьала а гIевттина,
дийнаташ дагоран а, бертан а сагIанаш дехира
цара. Юха, яа а, мала а охьа а хевшина, шайн
самукъадаккха хьалагIевттира уьш.
7 Везачу Эло Мусага элира: «Кхузара чувосса
сихло, ахь Мисарара арадаьккхина хьан халкъ
телхина ду. 8 Аса тIедиллинчун новкъара сиха
юхабевли уьш. Деших старгIин сурт а дина, цунна,
сагIанаш а даьхна, Iибадат дира цара. Цара боху:
„Хьо Мисарара арадаьккхина, хьан дела ву хIара §,
Исраилан халкъ!“» 9 Везачу Эло Мусага элира: «Суна
гина и халкъ, ткъа иза аьрха ду. 10 ХIинца вита Со,
царна Сан оьгIазло карзахъялийтархьама, Соьга
уьш хIаллакбайтархьама. Ткъа хьох доккха халкъ
кхуллур ду Ас».
11 §†Амма Мусас шен Везачу Деле дехар дира:
«Веза Эла, Айхьа боккхачу ницкъаца а, ондачу
куьйгаца а Мисарара арадаьккхинчу Хьайн
халкъана тIе Хьайн оьгIазалла иштта хIунда
юссуьйту Ахь? 12 Мисархошка хIунда бохуьйтур ду:
„Уьш Мисарара Цо мекарлонца арабаьхна,
лаьмнашкахь уьш байа а, лаьтта тIера хьаькхна
дIабаха а“. Хьайн оьгIазло дIа а яккхий, дохко а
валий, хIаллак ма дехьа Хьайн халкъ.
13 §††Дагабахкийтахьа ИбрахIим а, Исхьакх а, Исраил
а. Хьайх чIагIо а еш, Ахь цаьрга элира: „Стигалара
седарчий санна, дукха тIаьхье лур ю Ас хьуна. Айса
шуна чIагIо йина хIара латта шун тIаьхьенашна дIа
а лур ду, иза гуттар а церан долахь хир ду“».
14 ТIаккха Веза Эла дохковелира Ша иштта ойла
ярна. Ша халкъана дийр ду аьлла зулам ца дира
Цо.
15 Муса лам тIера чувоьссира, шен карахь тIулгах
йина тоьшаллин ши экъа а йолуш. Цу экъанашна
тIехь шинна а агIор яздина йозанаш дара. 16 И
экъанаш хилар Делан болх бара, царна тIехь долу
йоза а Дала яздина дара.
17 Наха ен гIовгIанаш а хезна, ЮшаIа Мусага
элира: «ТIеман маьхьарий ду вайн *меттамотт*
болчохь».
18 Амма Мусас жоп делира: «Толам боккхучийн
маьхьарий а дац уьш, эшочийн тийжамаш а бац,
суна хезаш дерш эшарш лоьккхучийн аьзнаш ду».
19 Меттамотт болчу улло а веана, старгIин сурт а,
хелхабуьйлу нах а шена гича, иза чIогIа
оьгIазвахара. Шен карара экъанаш ламанан
кIажехь охьа а кхиссина, йохийра цо. 20 Цара йина
старгIа схьа а эцна, иза яга а йина, цунах
бухадисина дерг, ахьа а аьхьна, хи чу тесира Мусас.
Юха и хи исраилхошка дIамалийтира цо. 21 «ХIокху
наха хьуна хIун дина, сел чIогIа къа ахь кхаьрга
латададайта?» – аьлла, хьаьттира Мусас АхIароне.
22 «ОьгIаз ма гIолахь, сан эла, – аьлла, жоп делира
АхIарона, – хьуна ма хаьа, хIара халкъ вониг дан
атта дIадоьрзийла. 23 Наха соьга элира: „Тхо
Мисарара арадаьхначу Мусана хIун хилла тхуна ца
хаьа, цундела, хьалха а ваьлла, тхо дIадуьгун долу
дела ве тхуна §‡“. 24 Ас цаьрга элира: „Шайгахь
долчара деши схьало“, – аьлла. Цара схьаделча, ас
иза цIерга кхоьссира, цунах хIара старгIа хилира».

*† 31:15 Арадаккхар 20:8-11; 23:12; 34:21; 35:2; Iамалъяр 23:3; Карлабаьккхинарг 5:12-14. †† 31:17 Арадаккхар 20:11. ‡ 32:1 Векалийн 7:40. ‡† Дела ве тхуна *– я иштта: *цхьаболу деланаш бе тхуна.* ‡‡ 32:4 Векалийн 7:41. ‡‡† Хьан дела ву хIара *– я иштта: *хьан деланаш бу хIорш.* ‡‡‡ 32:6 1 Коринтхошка 10:7.*

*§ Хьан дела ву хIара *– я иштта: *хьан деланаш бу хIорш.* §† 32:11-14 Лелар 14:13-19. §†† 32:13 Доладалар 22:16, 17; Доладалар 17:8. §‡ Дела ве тхуна *– я иштта: *цхьаболу деланаш бе тхуна.*

25 Мусана гира халкъан эргIаддалар, АхIарона
цуьнан дола цадар бахьана долуш хиллера иза.
Цуьнан мостагIашна цу халкъах кхарда меттиг
баьллера хIинца. 26 Шайн меттаматтан кевнехь дIа
а хIоьттина, Мусас элира: «Везачу Элан верг суна
тIевола!» Берриг а левихой цунна тIебахара. 27 Цо
элира цаьрга: «Исраилан Везачу Дала иштта боху:
„ХIора а, шен тур юкъах а дехкий, кху кевнера
вукху кевне кхаччалц дIа а гIой, юхавола, хIораммо
а шен ваша а, доттагIа а, уллораниг а ве“». 28 Мусас
аьлларг кхочушдира левихоша, цу дийнахь
вийнарг кхо эзар гергга стаг вара. 29 ТIаккха Мусас
элира цаьрга: «Тахана шаьш Везачу Элана лерина
схьакъастийра аша, хIунда аьлча шайн кIенташна
а, вежаршна а дуьхьалдевлира шу. Иза бахьанехь
Цо шу декъалдина».
30 ШолгIачу дийнахь Мусас халкъе элира: «Аша
латийнарг доккха къа ду. ХIинца Веза Эла волчу
хьалавер ву со, шун къинах долу гечдар схьаэца
там бу ас». 31 Веза Эла волчу юха а веана, Мусас
элира: «Цу халкъо доккха къа латийна, Шайна
дашо дела а вина †. 32 ††ХIинца гечдехьа царна.
Амма нагахь Ахь геч ца дахь, со а дIавайалахь
Айхьа тIеязвинчу Хьайн тептар тIера».
33 Везачу Эло Мусага элира: «Сайна дуьхьал къа
латийнарг Ас Сайн тептар тIера дIавойур ву.
34 ХIинца, дIа а гIой, Ас хьайга аьллачу метте и
халкъ дIадига. Сан *Малик* хьуна хьалхадаьлла гIур
ду. ТаIзар даран дийнахь Ас оцу нахана таIзар дийр
ду, цара латийна и къа бахьана долуш».
35 АхIарона дина старгIин сурт бахьана долуш,
халкъана таIзар дира Везачу Эло.

### Синай-лам болчуьра дIагIо аьлла, дина омра

33 ‡Везачу Эло Мусага элира: «Хьо а, ахьа
Мисарара арадаьккхина халкъ а кхузара
дIагIо. „Хьан тIаьхьенашна лур ду Ас иза“, – бохуш,
ИбрахIимна а, Исхьакхана а, Якъубана а чIагIо
йинчу лаьтта тIе гIо хIинца. 2 Ас хьуна
хьалхадаьккхина *Малик* а дохуьйтур ду, канаIанхой
а, эмархой а, хьетахой а, перезахой а, хьаьвихой а,
явсайхой а лохкур а бу. 3 Шуьрех а, мазах а
дуьзначу токхечу лаьтта тIе кхочур ду шу. Со шуьца
вогIур вац, новкъахь шу хIаллак ца дархьама,
хIунда аьлча шун халкъ чIогIа аьрха ду».
4 И гIайгIане дешнаш а хезна, нах тийжа хIиттира,
цхьаммо а шен дашо хIуманаш дегIа тIе ца
оьхкира. 5 ХIунда аьлча Везачу Эло Мусага аьллера:
«ДIаала исраилхошка: „Шу аьрха халкъ ду. Цхьана
муьрана Со шуьца дIавеача а, Ас атта хIаллакдийр
дара шу. Шайна тIера дашо хIуманаш схьаяха. Со
хьожур ву шуна хIун дан деза“». 6 Иштта Хьариб-
ломана уллохь исраилхоша шайна тIера дашо
хIуманаш схьаехира.

### Гуламан четар

7 Шайн меттаматтана юьстахо четар хIоттийра
Мусас. Цунах цо гуламан четар элира. Везачу Элах
хIора дагавала лууш верг шайн меттаматтана
арахьа долчу цу четарна чу воьдура. 8 Муса
гуламан четарна тIеволавелча, дерриг а халкъ
хьалагIоттура. ХIора а, шен четарна хьалха а
хIуттий, Мусана тIаьхьа хьоьжуш Iара, иза четарна
чу ваххалц. 9 Муса четарна чу вахча, мархин
бIогIам, охьа а богIий, четарна чу воьдучохь
соцура, тIаккха Везачу Эло Мусаца къамел дора.
10 ХIоразза а гуламан четарна хьалха лаьтта мархин
бIогIам халкъана гича, хIора а лохха охьатаьIара
шен четарна хьалха лаьттачохь. 11 Везачу Эло
Мусаца юьхь-дуьхьал къамел дора, цхьаммо шен
доттагIчуьнца деш санна. Юха Муса шайн
*меттамотт* болчу схьавогIура, ткъа цуьнан гIоьнча,
Нунин кIант ЮшаI, гуламан четарна уллора цкъа а
дIа ца волура.

### Шен халкъаца хир ву аьлла, Везачу Эло йина чIагIо

12 Мусас элира Везачу Эле: «Ахь боху соьга, хIара
халкъ дIадига, амма соьца мила вохуьйтур ву ца
аьлла Ахь, „Суна цIарца хьо вевзаш ву, Со хьуна
реза ву“, – Айхьа аьллашехь. 13 Ткъа нагахь Хьо
суна резавелахь, Хьайн ойланаш хаийтахьа суна,
Хьо суна вовзархьама а, Хьо суна кхидIа
резахилийтархьама а. Дагадаийтахьа хIара къам
Хьайн долахь долу халкъ хилар».
14 Везачу Эло элира цуьнга: «Со-со вогIур ву
хьоьца, Ас хьуна синтем лур бу».
15 Мусас Цуьнга элира: «Нагахь Хьо-Хьо тхоьца
вогIур вацахь, тхо кхузара ара а ма дахахьа. 16 Хьо
тхоьца веача бен, тхуна муха хуур ду, суна а, Хьайн
халкъана а Хьо реза вуйла? Кхин муьлхачу тайпана
дуьнен чохь мел долчу халкъах къастало со а, Хьан
халкъ а?»
17 Юха Везачу Эло элира: «Ахь аьлларг Ас
кхочушдийр ду, хIунда аьлча Со реза ву хьуна,
цIарца хьо вовза а вевза Суна».
18 ТIаккха Мусас дехар дира: «Хьайн сийлаллин
нур гайтахьа суна».
19 ‡†Везачу Эло жоп делира: «Хьуна хьалхахула
Сайн сийлаллин нур чекхдоккхур ду Ас, хьуна
хьалха ЯхIува боху Сайн цIе а кхайкхор ю,
къинхетам бан луучух къинхетам а бийр бу,
къахета луучух къа а хетар ду». 20 Юха элира Цо:
«Сан юьхь хьуна ган мегар дац, иза гина стаг дийна
вуьсур вац». 21 Кхин а Везачу Эло элира: «Суна
уллохь цхьа меттиг ю хьуна, кху тарха тIе дIахIотта.
22 Сан сийлаллин нур чекхдолучу хенахь Ас, тархан
иккхинчу юккъе а хIоттийна, Сайн куьйгаца
къайлавоккхур ву хьо, Со тIехваллалц. 23 Ас куьг
хьалаайича, хьуна Со тIехьара гур ву, амма хьуна
Сан юьхь гур яц».

† *Дела а вина *– я иштта: *деланаш а бина.** †† *32:32 Довзийтинарг 3:5.* ‡ *33:1 а: Доладалар 12:7; б: Доладалар 26:3; в: Доладалар 28:13.*

‡† *33:19 Римхошка 9:15.*

### ТIулган керла экъанаш
(Карлабабьккхинарг 10:1-5)

34 Везачу Эло Мусага элира: «Хьалха йиначарах
тера а йолуш, тIулган керла экъанаш ага
хьайна. Царна тIехь ахьа йохийначу шинна тIехь
хилла дешнаш яздийр ду Аса. 2 Кхана Iуьйранна
кийча хила. Синай-лам тIе хьала а валий, Суна
хьалха хIотта ламанан бохь тIехь. 3 Хьоьца лам тIе
вала цхьаннан а бакъо яц, цу лам тIехь миччахь а
ша гайта а бакъо яц цхьаннан а. Шун кегий а,
даккхий а даьхни хила йиш яц цу ломана уллохь
дежаш». 4 Хьалхалернаш санна йолу ши экъа а
йина, Iуьйранна гIаьттина, Синай-лам тIе велира
Муса, Везачу Эло шена тIе-ма-диллара. ТIулган ши
экъа кара схьаийцира цо.
5 Мархина юккъехь чу а воьссина, цунна уллохь
сецира Веза Эла. ЯхIува (Веза Эла) аьлла, Шен цIе
яьккхира Цо. 6 †Мусана хьалхахула а ваьлла, Везачу
Эло Шен ЯхIува йолчу цIарах лаьцна кхайкхам
бира: «Веза Эла къинхетаме а, дика а Дела ву, атта
оьгIаз ца воьдуш волу а, боккха безам болуш а,
тешаме волу а, 7 Шен тешам эзарнаш
тIаьхьенашкахь латтош волу а, зуламна а,
харцонна а, къинна а гечдеш волу а, амма бехк
бекхам ца беш ца буьтуш волу а, дайша латийначу
къинна берашна а, берийн берашна а кхозлагIчу а,
йоьалгIачу а тIаьхьенехь таIзар деш волу а».
8 Цу сохьта, лаьтта а воьжна, Далла хьалха
суждане вахара Муса. 9 Цо элира: «Хьалдолу Эла,
Хьо суна реза велахь, тхуна юкъахь дIаволахьа.
ХIара халкъ чIогIа аьрха ду, амма тхан харцонашна
а, къиношна а геч а дай, Хьайн халкъ санна
дIаэцахьа тхо».

### Барт карлабаккхар
(Арадаккхар 23:14-19; Карлабаьккхинарг 7:1-5; 16:1-17)

10 Везачу Эло тIаккха элира: «Аса барт бо шуьца:
дерриг а хьан халкъана хьалха Ас тамашийна
хIуманаш гойтур ду, дерриг дуьнен чохь долчу
цхьана а халкъана хIинццалц цкъа а хилла доцу.
Хьо юкъахь волчу халкъана Аса, Везачу Эло, хьан
дуьхьа ден дерг гур ду, ткъа цу бахьаненна уьш
ларамах буьзна хир бу. 11 ХIинца Ас хьайна
тIедуьллург Iалашде. Ас хьуна хьалхара лохкур бу
эмархой, канаIанхой, хьетахой, перезахой,
хьаьвихой, явсайхой. 12 Ларлолахь, хьо дIавогIуш
болчу махкарчу нахаца берта ма гIолахь, иза хьуна
гур санна ца хилийтархьама. 13 ††Церан сагIа доккху
меттигаш а, *Iибадат дан* хIиттийна тархаш а
йохаяй, Ашера-далла лерина болу церан дечиган
бIогIамаш хадабай, дIабаха.
14 Цхьана Везачу Элана бен, кхечу далла ахь
Iибадат дан мегар дац, хIунда аьлча Эмгаралла Ерг
цIе йолуш волу Веза Эла – эмгаралла йолу Дела ву.
15 Ларлолахь, цу махкахь Iаш болчу нахаца берта
ма гIолахь, хIунда аьлча, Соьгара дIа а бирзина,
шайн деланашна тIаьхьахIиттича, царна сагIанаш
даьхча, хьо дIакхойкхур ву цара, ткъа церан
деланашна лерина сагIанаш даа там бу ахьа.
16 Церан мехкарий хьайн кIенташна ма балабе,
Везачу Элера дIа а бирзина, шайн деланашна
тIаьхьахIиттар цу мехкаршка хьайн кIенташна ца
Iамадайта.
17 ‡ЦIуш ма бе хьайна.
18 ‡†Совсазчу баьпкан деза де лара: ворхI дийнахь
совсаза бепиг даа, Ас хьайна тIе-ма-диллара. Иза
билгалъяьккхинчу хенахь Авив цIе йолчу баттахь
хила дезаш ду, хIунда аьлча цу баттахь хьо
Мисарара араваьлла.
19 ‡‡Доьзалехь дуьххьара хилла кIант Сан ву, хьан
даьхни юкъара дуьххьара хилла боьрша хьайба – я
уьстагI, я газа – Сан ду. 20 ‡‡†Хьалха хилла йолу вир,
цуьнан метта Iахар а белла, паргIатъяккха. Ткъа
айхьа иза паргIат ца яккхахь, виран ворта кагъе.
Хьайн дуьххьара хиллачу кIентех а мах ло.
Цхьа а Суна дуьхьал ма вола, карахь совгIат а
доцуш.
21 ‡‡‡Ялх дийнахь болх бе, ворхIалгIачу дийнахь
садаIа. Ур-атталла ялта дIадуьйчу а, чудерзочу а
хенахь цу дийнахь садаIа.
22 §Дуьххьарлера ялта схьаэцаран „ *ШавуIот*“ цIе
йолу деза де а, шо чекхдолуш ялта чудерзоран деза
де а лара.
23 Шарахь кхузза берриг а божарий Хьалдолчу
Элана, Исраилан халкъан Далла, хьалха хIитта
беза. 24 Ас, хьуна хьалхара халкъаш дIа а лаьхкина,
хьан мехкан дозанаш шордийр ду, цхьа а хьан
лаьтта тIе кхевдар вац, шарахь кхузза хьайн Везачу
Далла хьалха хьо вогIуш волчу хенахь.
25 §†Дийнатан цIий Суна сагIина даьккхича,
совсийна бепиг Суна сагIина ма даккха, ткъа
Пасахьан сагIа Iуьйренга ма далийта.
26 §††Хьайн лаьтто дуьххьара белла стоьмаш хьайн
Везачу *Делан цIа* чу схьаба.
Буьхьиг шен ненан шури чохь ма кхехкае».
27 Везачу Эло Мусага элира: «ДIаязде Ас хьайга
аьлла дешнаш, хIунда аьлча цаьрца Ас барт бо
хьоьца а, Исраилан халкъаца а». 28 Мусас Веза Эла
волчохь шовзткъа де а, шовзткъа буьйса а
яьккхира. Цу хенахь цо яа хIума а ца йиира, хи а ца
мелира. ТIулган экъанаш тIехь бартбаран дешнаш
дIаяздира цо: Делера болу итт хьехам.

### Муса Синай-лам тIера чувоссар

29 §‡Карахь бартбаран ши экъа а йолуш, Синай-
лам тIера чувуссучу хенахь, Мусана ца хаьара шен

† *34:6, 7 Арадаккхар 20:5, 6; Лелар 14:18; Карлабаьккхинарг 5:9, 10; 7:9, 10.* †† *34:13 Карлабаьккхинарг 16:21.*

‡ *34:17 Арадаккхар 20:4; Iамалъяр 19:4; Карлабаьккхинарг 5:8; 27:15.* ‡† *34:18 Арадаккхар 12:14-20; Iамалъяр 23:6-8; Лелар 28:16-25.* ‡‡ *34:19 Арадаккхар 13:2.* ‡‡† *34:20 Арадаккхар 13:13.* ‡‡‡ *34:21 Арадаккхар 20:9, 10; 23:12; 31:15; 35:2; Iамалъяр 23:3; Карлабаьккхинарг 5:13, 14.* § *34:22 а: Iамалъяр 23:15-21; Лелар 28:26-31; б: Iамалъяр 23:39-43.* §† *34:25 Арадаккхар 12:10.* §†† *34:26 а: Карлабаьккхинарг 26:2; б: Карлабаьккхинарг 14:21.* §‡ *34:29-35 2 Коринтхошка 3:7-16.*

юьхь серлаяьлла хилар, Дала цуьнца къамел дина
дела. 30 Мусан лепаш йолу юьхь а гина, цунна
тIебахка ца хIуьттура АхIарон а, исраилхой а. 31 Цо
шайга тIекхайкхича, АхIарон а, халкъана юкъара
тхьамданаш а Мусана тIебахара. Цаьрца къамел
дира цо. 32 Цул тIаьхьа массо а исраилхой цунна
тIебаьхкира, ткъа Везачу Эло Синай-лам тIехь шега
аьлларг дерриг а цаьрга дийцира Мусас. 33 Нахаца
къамел динчул тIаьхьа, пардо схьа а эцна, шен
юьхь къайлаяькхира цо. 34 Везачу Элана хьалха
хIоьттича, Мусас шен юьхьана дуьхьал йолу хIума
дIайоккхура, ша араваллалц. Арахь шена ала
тIедиллинарг исраилхошка дуьйцура цо. 35 Нахана
гора лепаш йолу Мусан юьхь. Ша Веза Эла волчу
чуваххалц, юха а шен юьхь къайлайоккхура цо.

### Шоьтан садоIучу дийнах лаьцна тIедиллинарг

35 Дерриг а Исраилан халкъ схьа а гулдина,
Мусас элира: «Везачу Эло шуна дан
тIедиллинарг хIара ду: 2 †ялх дийнахь болх бе, ткъа
ворхIалгIа де деза хилийта шайн. Иза Везачу Элана
лерина садоIу шоьтан де ду. Цу дийнахь болх
бинарг вуьйр ву. 3 Шоьтан дийнахь цхьана а шайн
хIусамашкахь цIе ма латае».

### Делан четарна лерина совгIаташ
(Арадаккхар 25:1-9)

4 Дерриг а Исраилан халкъе Мусас элира: «Везачу
Эло тIедиллинарг хIара ду: 5 шайгара Везачу Элана
совгIаташ да. Даггара сагIа дала лууш волчу хIора
стага Везачу Элана лерина совгIат да: деши а, дети
а, цIаста а, 6 сийна а, сирла-цIен а, таьIна-цIен а
эханг а, дуткъа кIади а, газанан тIаргIа а, 7 цIен
басар хьаькхна йолу уьстагIийн цIоканаш а,
хIордан дийнатийн кIеда тIаьрсиг а, акацин дечиг
а, 8 къуьданашна зайтдаьтта а, къобалваран
даьттанах а, хаза хьожа йогIучу сегIазах а туху хаза
хьожа йогIу хIуманаш а, 9 оникс цIе йолу тIулг а,
ийпадна чухIитто а, некха тIе уллучу безачу
тIоьрмагна тIетосу а деза тIулгаш а».

### Делан четарна лерина хIуманаш
(Арадаккхар 39:32-43)

10 «Шегахь говзалла йолчо, ван а веана, Везачу
Эло тIедиллинарг дан деза: 11 деза четар а, цуьнан
тхов а, тхевнна тIера *кхалор* а, мIараш а, гураш а,
хьокхий а, бIогIамаш а, баххаш а, 12 бартбаран
тIорказ а, цуьнан хьокхий а, негIар а, дуьхьал уллу
кирхьа а, 13 стол а, цуьнан хьокхий а, берриг а
цуьнан гIирс а, цу тIе хIитто Везачу Элана лерина
баьпкаш а, 14 четар серладаккхарна болу стогар а,
берриг а цуьнан гIирс а, цуьнан кегийра
къуьданаш а, дагош долу даьтта а, 15 хаза хьожа
йогIу хIума яго кхерч а, цуьнан хьокхий а,
къобалваран даьтта а, хаза хьожа йогIу сегIаз а,
Делан четаран неIаре уллу шаршу а, 16 дийнаташ
дагоран сагIанаш доху кхерч а, цуьнан цIестан
цаца а, цуьнан хьокхий а, цуьнан берриг а гIирс а,
юьхь-куьгдуьлург а, цуьнан бух а, 17 кертана ухку
шаршуш а, кертан бIогIамаш а, церан баххаш а,
керта чуволучу уллу шаршу а, 18 четар чIагIъеш
тухуш долу хьостамаш а, керт чIагIъеш долу
хьостамаш а, цаьрца долу машшаш а, 19 Делан
четарна чохь гIуллак деш тIедуха дезаш долу деза
духарш а (Iамал ечу хенахь *динан да* волчу
АхIарона а, цуьнан кIенташа а тIедуха дезаш долу
деза духарш)».

### Халкъо деана совгIаташ

20 Муса волчуьра дерриг а Исраилан халкъ
дIадахара. 21 Юха нах схьаэха буьйлабелира.
Даггара лууш а, сино и гIуллакх къобалдеш а волу
хIора стаг вогIура Везачу Элана лерина совгIат
дахьаш. Гуламан четарна а, цуьнан берриг а
гIирсана а, дезачу духаршна а лерина хIуманаш
яхьара цара. 22 Шен даггара сагIа дала лууш долчу
хIора адамо – божарша а, зударша а – мIерий а,
лергах ухку чIагарш а, мухIарш а, туьтеш а, кхин
йолу дашо хIуманаш а яхьара. ХIораммо а дашо
совгIат, шатайпа сагIа санна, хьалаойура Везачу
Элана. 23 Шен долчо сийна а, сирла-цIен а, таьIна-
цIен а эханг а, дуткъа кIади а, газанан тIаргIа а,
цIен басар хьаькхна йолу уьстагIийн цIоканаш а,
хIордан дийнатийн кIеда тIаьрсиг а дахьара.
24 Детин я цIастанан совгIат луш болчу массара а
иза Везачу Элана сагIина дахьара, ткъа белхан
муьлхха а декъана акацин дечиг шен йолчо
хIораммо а Везачу Элана сагIина яхьара иза.
25 Массо а говзачу зударша шайн куьйгашца
хьовзийна сийна а, сирла-цIен а, таьIна-цIен а
эханг а, дуткъа кIади а дахьара. 26 И болх шайн
дагца тIе а лаьцна, шайна хуучара газанан тIаргIа
хьовзабора. 27 Халкъан тхьамданаша оникс цIе
йолу а, ийпадна а, некха тIе уллучу безачу
тIоьрмагна а лерина а тIулгаш дахьара, 28 ткъа
иштта хаза хьожа йогIу хIуманаш а, зайтдаьтта а
дахьара къуьданашна а, къобалваран даьтта а,
хаза хьожа йогIу сегIаз а кечдан. 29 Исраилан
халкъа юкъара шайн даггара сагIа дала лууш мел
лелачара, божарша а, зударша а, Мусагахула
Везачу Эло дан тIедиллинчу гIуллакхна шайн-шайн
лаамехь Везачу Элана лерина совгIаташ дахьара.

### Делан четар деш болу пхьераш
(Арадаккхар 31:1-11)

30 Мусас исраилхошка элира: «Везачу Эло
къастийна Хьоран кIентан Урин кIант Бацалиал,
ЯхIудан тIаьхьенах волу. 31 Иза Делан Синах вуьзна
ву. Муьлхха а хIума ян похIма а, говзалла а, хаар а
цунна делла Дала. 32 Цунна хаьа говзачу куьцан
хьесап дан а, и куц деших а, детих а, цIастанах а
дан а, 33 деза тIулгаш кечдан а, дечигах хIума ян а,
мел болу говза болх бан а. 34 Цунна а, Данан

† *35:2 Арадаккхар 20:8-11; 23:12; 31:15; 34:21; Iамалъяр 23:3; Карлабаькхинарг 5:12-14.*

тӀаьхьенах волчу Ахьисамахан кӀантана
ОхӀлиабана а похӀма делла кхиберш Ӏамо. [35] Везачу
Эло говзалла елла царна муьлхха а болх бан:
дечигах хӀума ян а, кӀади дан а, сийначу а, сирла-
цӀечу а, таьӀна-цӀечу а эхангаца дуткъачу кӀадеш
тӀехь тир яккха а, кӀадеш дуца а. Царна хаьа
муьлхха а говза болх бан а, цу балхана хьесап дан
а».

36 « *Делан четар* дан деза болх муха кхочушбан
хууш волчу Бацалиала а, ОхӀлиаба а, Везачу
Эло хьекъал а, говзалла а елла мел болчу наха а
дерриг а Везачу Эло тӀе-ма-диллара дан деза».
[2] Мусас Бацалиал а, ОхӀлиаб а, Везачу Эло
говзаллаш елла а, даггара лелаш болу а массо а нах
тӀекхайккхира и болх бан. [3] Исраилхоша Делан
четар дарна еана хӀуманаш Мусагара схьаийцира
оцу пхьераша шайн болх бан. Ткъа халкъо хӀора
Ӏуьйранна а кхин а схьакхоьхьуш бара иза волчу
шайн лаамехь бахьаш болу, совгӀатна лерина
гӀирсаш. [4] Юха Делан четарна тӀехь болх беш болу
пхьераш, шайн болх а сацийна, тӀебаьхкира. [5] Цара
Мусага элира: «Везачу Эло бе аьллачу белхашна
оьшучул а сов кхоьхьу наха гӀирсаш».
[6] ТӀаккха Мусас халкъе дӀакхайкхадайтира, я стага
а, я зудчо а Делан четарна лерина хӀумма а ма я
аьлла. Цул тӀаьхьа наха совцийра кхоьхьуш йолу
хӀуманаш. [7] Бан беза белхаш кхочушбарна оьшучул
сов ма яра хӀинцале а схьакхехьна хӀуманаш!

### Делан четар дар
(Арадаккхар 26:1-37)

[8] Белхаш бечарна юкъара уггар а говза пхьераш
Делан четар дан хӀиттира. Дуткъачу кӀадих а,
сийначу а, сирла-цӀечу а, таьӀна-цӀечу а эхангах а
итт шаршу а йина, царна тӀе говзачу куьйгашца
дина каруб-маликийн суьрташ тийгира цара.
[9] ХӀора шаршу йохалла ткъе бархӀ *дол*, шоралла
диъ дол яра. Уьш ерриш а цхьана барамехь
йинера. [10] Пхи шаршу вовшах а хоьттина, важа
пхиъ а вовшаххоьттира цара. [11] Сийначу кӀадих
туьйдаргаш дира цара хьалхарчу пхеаннах
йистерачу шаршун цхьана агӀор, иштта вукху
пхеаннах йолчу йистерачунна а туьйдаргаш дира.
[12] Хьалхарчу пхеаннах йолчу йистерачу шаршуна
тӀехь шовзткъе итт туьйдарг дира цара, шолгӀачу
пхеаннах йолчу йистерачунна тӀехь а оццул дира.
Церан туьйдаргаш дуьхь-дуьхьал нисдира цара.
[13] Шовзткъе итт дашо мӀара а йина, шаршуш
цаьрца вовшахтесира пхьераша, тӀаккха цхьа
четар хилира цунах.
[14] Юха газанан тӀергӀах четарна тӀехула лаца
цхьайтта шаршу йира цара. [15] Уьш йохалла ткъе
итт дол а, шоралла диъ дол а яра, цхьайтте а
цхьана барамехь а йолуш. [16] Пхи шаршу цхьаьний,
ялх шаршу цхьаьний вовшахтесира цара.
[17] Пхеаннах йолчу йистерачу шаршуна тӀе
шовзткъе итт туьйдарг тийгира, ткъа иштта
ялханнах йолчу йистерачу шаршуна тӀе а шовзткъе
итт туьйдарг тийгира. [18] Уьш туьйдаргех
дӀатасархьама, цара шовзткъе итт цӀестан мӀара
йира, тӀаккха дерригенах а дийнна цхьаъ хилира.
[19] Четарна тӀехула лаца ши *кхалор* а йира
пхьераша, цхьаъ цӀен басар хьаькхна йолчу
уьстагӀийн цӀоканех, важа хӀордан дийнатийн
кӀедачу тӀаьрсигах.
[20] Акацин дечигах ирахӀиттийна гураш кечдира
цара четарна. [21] Гураш итт дол деха а, цхьа дол
ахдол шуьйра а дара. [22] ХӀора гуран ши зӀок йинера
цара, цхьаъ шолгӀачунна уллохь а нисйина.
Четаран дерриг а гураш иштта динера цара.
[23] Четаран къилбехьа йолчу агӀор хӀоттийнарг ткъа
гур бара. [24] Оцу ткъа гурана уьш тӀехӀитто шовзткъа
дато бух бинера пхьераша: цхьана гуран шина
зӀакарна кӀел ши бух, вукху гуран шина зӀакарна а
ши бух. [25] Четаран къилбаседехьа йолчу агӀор
хӀотто а ткъа гур бира цара. [26] Царна шовзткъа дато
бух а бира, ши бух цхьана гурана кӀел а хӀоттош.
[27] ТӀехьарчу, малхбузехьарчу агӀор бинарг ялх гур
бара. [28] Ши гур тӀехьарчу агӀор шина сонехь а бира.
[29] Лахахь вовшахтеснера и шиъ, ткъа лакхахь
цхьана чӀагарх дӀатесира. Шина сонна болу и ши
гур иштта бинера. [30] Иштта, бархӀ гур бара, уьш
тӀехӀитто ялхитта дато бух а болуш – хӀора гурана
кӀел шишша бух.
[31] Акацин дечигах хьокхий дира цара. Пхи хьокха
четаран цхьана агӀор долчу гурашна лерина бара,
[32] важа пхиъ вукху агӀор долчу гурашна лерина
бара, кхин пхиъ тӀехьа агӀор долчу гурашна а бара.
[33] Юккъехь болу хьокха кечбира цара, гурашна
юккъехула четаран цхьана йистера вукху йисте
кхаччалц. [34] Гурашна а, хьокхешна а тӀехула деши
лецира пхьераша, хьокхий чухӀитто чӀагарш а
деших йира.
[35] Дуткъачу кӀадих а, сийначу а, сирла-цӀечу а,
таьӀна-цӀечу а эхангах кирхьа дира цара. Цу тӀехь
говзаллица каруб-маликийн суьрташ а дира.
[36] Кирхьанна акацих биъ бӀогӀам а бина, царна тӀе
деши а лецира, тӀехь дашо зӀакарш а йира.
БӀогӀамашна биъ дато бух а бира. [37] Четарна
чуволлучу олла тӀехь тир яьккхина йолу шаршу
йира пхьераша дуткъачу кӀадих а, сийначу а,
сирла-цӀечу а, таьӀна-цӀечу а эхангах а. [38] Цу
шаршуна пхи бӀогӀам бира, тӀехь мӀараш а еш.
БӀогӀамийн лакхенашна а, царна тӀера
дӀатосургашна а тӀе деши лецира, ткъа лахахь
цӀестан пхи бух бира цара.

### Бартбаран тӀорказ дар
(Арадаккхар 25:10-22)

37 Акацин дечигах тӀорказ дира Бацалиала. Иза
ши *дол* ахдол деха а, цхьа дол ахдол шуьйра
а, цхьа дол ахдол лекха а дара. [2] ТӀорказна чухула а,
тӀехула а цӀена деши лецира цо. Ткъа цунна
тӀехула, гонах, дашо сара лецира [3] Йиъ дашо чӀуг а
йина, уьш тӀорказан беа когахь дӀатесира: шиъ –
цхьана агӀор, важа шиъ – вукху агӀор. [4] Акацих

хьоккхий а дина, царна тIехула деши лецира цо.
5 Хьоккхий тIорказан агIонашкахь йолчу чIагарех
чекхдехира цо, цаьрца иза лелорхьама. 6 ТIорказна
тIедуьллу негIар дира цIеначу деших. НегIар ши
дол ахдол деха а, цхьа дол ахдол шуьйра а дара.
7 Туьйсинчу деших негIарна тIехь шина агIор
*каруб-маликаш* дира Бацалиала. 8 Цхьа каруб-
малик цхьана агIор, важа вукху агIор нисдинера, и
шиъ, дийнна цхьа хIума а долуш, негIарца
цхьаьна. 9 Хьалаайинчу тIемашца негIар дIа а
хьулдеш, яххьаш дуьхь-дуьхьал а йолуш, негIарна
тIедирзина дара и каруб-маликаш.

## Даздина баьпкаш тIедохку стол яр

(Арадаккхар 25:23-30)

10 Акацих стол йира Бацалиала ши дол еха а, цхьа
дол шуьйра а, цхьа дол ахдол лекха а. 11 ТIехула
деши а лаьцна, цунна гонах а дашо сара лецира цо.
12 Юха цу стоьлана гонах кераюкъан шоралдлехь гур
а бина, цунна тIе а дашо сара лецира цо. 13 Йиъ
дашо чIуг а йина, стоьлан когаш болчохь, беа
сонехь дIачIагIйира цо. 14 Стол дIасалело хьоккхий
чекхдоху чIагарш стоьлан гурана уллохь йинера.
15 Стол дIасалело хьоккхий акацих дина дара,
тIехула деши а лоцуш. 16 Цул тIаьхьа стоьла тIе
хIитто пхьегIаш цIеначу деших йира: бошхепаш а,
еш а, кедаш а, боганаш а, царна чу чагIаран
сагIанаш доттархьама.

## Стогар бар

(Арадаккхар 25:31-40)

17 ЦIеначу деших стогар бира. Цуьнан бух а, гIад а
туьйсинчу деших динера, ткъа цу тIехь хуьлу
зезагаш (зуьгалгашца а, зазанашца а) цуьнца
цхьана декъах динера. 18 Ялх га дара цунна тIехь:
кхо га цхьана агIор, кхо га вукху агIор. 19 Миндалан
зезаган суьртехь цхьана гаьнна тIехь зуьгалгашца
а, зазанашца а долу кхо зезаг дара, цу кеппара кхо
зезаг вукху гаьнна тIехь а дара. Стогарна тIехь
долчу ялхе а гаьнна тIехь иштта дара уьш.
20 Стогаран гIода тIехь а миндалан зезаган суьртехь
зуьгалгашца а, зазанашца а долу диъ зезаг дара.
21 Стогаран гIодах схьадолучу ялхе а гаьннах
шинна кIелахь цхьа зуьгалг яра, вукху шина гаьнна
кIелахь а цхьа зуьгалг яра, кхозлагIчу шина гаьнна
кIелахь а цхьа зуьгалг яра. 22 Стогарх схьайовлу
зуьгалгаш а, гаьннаш а стогарца цхьана дакъа
долчу туьйсинчу цIеначу деших йина яра.
23 ЦIеначу деших стогарна ворхI *къуьда* а, цунна
лерина тукарш а, нойш а йира Бацалиала. 24 Стогар
а, цуьнан гIирсаш а беш дIадаьлларг ши пунт †
цIена деши дара.

## Хаза хьожа йогIу хIума яго кхерч бар

(Арадаккхар 30:1-5)

25 Акацин дечигах *хаза хьожа йогIу хIума* яго
кхерч бира. Иза беакIов а болуш, йохалла а,
шоралла а цхьа дол, локхалла ши дол бара. Цуьнан
еа маьIIехь маIаш яра, кхерчаца цхьаьна декъах а
йолуш. 26 Массо а агIор а, тIехула а, маIашна тIехь а
цIена деши а лаьцна, гонах дашо сара а лецира
цунна. 27 Серана кIелахь шина а агIор деших ши
чIуг йира, шайна чухула хьоккхий а даьхна, кхерч
дIабахьа. 28 Хьоккхий акацих дира, тIехула деши а
лоцуш.

## Къобалваран даьтта а, хаза хьожа йогIу хIума а яр

(Арадаккхар 30:22-38)

29 ††Къобалваран деза даьтта а, хаза хьожа йогIу
цIена хIума а кечйира, духIиш кечдаран пхьеро
эдинарг санна.

## Дийнаташ дагоран сагIа доккху кхерч бар

(Арадаккхар 27:1-8)

38 Цул тIаьхьа Бацалиала акацин дечигах
дийнаташ дагоран *сагIа доккху кхерч* бира.
Иза беакIов бара, пхи *дол* беха а, пхи дол шуьйра а
болуш, ткъа локхаллина кхо дол бара. 2 Кхерчан еа
маьIIехь цхьацца маIа а йира, уьш цуьнца цхьана
декъах а йойтуш. Кхерч цIастанца кхелира.
3 Кхерчана оьшу берриг а гIирс кечбира: юкъ
чуйохка кхабанаш а, лело аьшкалш а, боганаш а,
мIерий а, кIора чубухку нойш а. Уьш массо а
цIастанах йина яра. 4 ЦIастанах цаца бира кхерчана
тIебилла. Кхерчан хIазарна кIел билла безара и
цаца, кхерчана юккъе кхаччалц иза дIа а нисбеш.
5 Хьоккхий чекхдаха цецан еа маьIIехь чIагарш
йира. 6 Акацих дина дара и хьоккхий, тIехула цIаста
а лоцуш. 7 Хьоккхий чIагарех чекхдехира, цаьрца
иза лелочу хенахь уьш шина агIор хилийта. Кхерч
юкъахь баьсса бара, чухула лаьцна аннаш а долуш.

## ЦIестан юьхь-куьгдуьлург яр

(Арадаккхар 30:18)

8 ‡Гуламан четар чу воьду меттиг йолчохь гIуллакх
деш болчу зударийн цIастанах динчу куьзганех
юьхь-куьгдуьлург а, цуьнан бух а бира цо.

## Делан четаран керт яр

(Арадаккхар 27:9-19)

9 Цул тIаьхьа керт кечйира. БIе дол еха йолчу
къилбехьарчу агIор дуткъачу кIадих йина шаршуш
оьхкира. 10 Царна лерина ткъа бIогIам а, цIестан
ткъа бух а бира. БIогIамаш тIера мIерий а,
дIатосургаш а дато яра. 11 Къилбаседехьарчу агIор
а бIе дол еха шаршуш оьхкира. Царна лерина ткъа
бIогIам а, цIестан ткъа бух а бира. БIогIамаш тIера
мIерий а, дIатосургаш а дато яра. 12 Кертан

† *Пунт *– иза ялхитта кийла ю.**

†† *37:29 Арадаккхар 30:22-38.* ‡ *38:8 Арадаккхар 30:18.*

шоралла, малхбузехьа агIор, шовзткъе итт дол еха
шаршуш яра, царна лерина итт бIогIам а, итт бух а
бира. БIогIамийн мIерий а, дIатосургаш а детих
йина яра. [13] Кертан шоралла, малхбалехьа йолчу
агIор, шовзткъе итт дол еха шаршуш яра. [14] Цхьана
агIор, керта воьдучохь, оьхкина шаршуш пхийтта
дол еха яра, царна лерина кхо бIогIам а, кхо бух а
бара. [15] Вукху агIор оьхкина а пхийтта дол еха
шаршуш яра, царна кхо бIогIам а, кхо бух а бира.
[16] Массо а агIор оьхкина шаршуш дуткъачу кIадих
йина яра. [17] БIогIамийн баххаш цIестах дина дара,
ткъа бIогIамаш тIера мIерий а, дIатосургаш а детих
йина яра. Дерриш а кертана гонахара бIогIамаш
детих динчу дIатосургашца вовшахтесна дара.
[18] Кертан кевнна оьллина шаршу, тIехь тIамарш а
йолуш, сийначу а, сирла-цIечу а, таьIна-цIечу а
эхангах а, дуткъачу кIадих а йина яра. Иза йохалла
ткъа дол а, локхалла пхи дол а яра, кертана
оьхкинчу шаршуйх тера а йолуш. [19] Цунна лерина
биъ бIогIам бара, шайца цIестан биъ бух а болуш.
Церан мIерий а, дIатосургаш а дато яра, ткъа церан
баххьаш детих кхелина дара. [20] Делан четар
чIагIдеш тухуш долу хьостамаш а, гонахара керт
чIагIдеш долу хьостамаш а цIестан дара.

### Делан четар деш дIаяьлла коьчал

[21] ХIинца Делан четар деш дIаевлла коьчалш
ягаръяран жамI дийр ду. Мусас левихошна
тIедиллира тоьшаллин четар деш дIаевлла
коьчалш ягаръяр. *Динан да* волчу АхIаронан кIанта
Итамара куьйгалла деш дара и гIуллакх.
[22] Везачу Эло Мусана тIе мел диллинарг
кхочушдеш вара ЯхIудан тIаьхьенах волу Хьоран
кIентан Урин кIант Бацалиал. [23] Цуьнца Данан
тIаьхьенах волу Ахьисамахан кIант ОхIлиаб а вара.
Иза мухIар деш а, кIадеш дуцуш а, сийначу а,
сирла-цIечу а, таьIна-цIечу а эхангаца дуткъачу
кIадеш тIехь тир йоккхуш а волу пхьар вара.
[24] Делан четар деш, цунна оьшу хIуманаш ян
наха, Далла лерина совгIат санна, деана деши
шовзткъе берхIитта пунт а, ворхI бIе ткъе итт
*шекхал* а дара †, деза шекхал олучу барамехь
оьзна. [25] ††Багарбинчу наха деана дети ши бIе пунт,
цхьа эзар ворхI бIе кхузткъе пхийтта деза шекхал ‡
дара. [26] ‡†Багарбинарш ткъа шарал тIехбевлларш
бара, уьш ялх бIе кхо эзар пхи бIе шовзткъе итт
стаг хилира. Царах хIораммо а ах шекхал дети
деара, дезачу шекхалан барамехь узуш. [27] БIе гали
дети Делан четарх бIогIамийн баххашна а, шаршу
хьалаоьллинчу бIогIамийн баххашна а дIадахара.
БIе буьхана бIе гали дети, хIора буьхана цхьацца
хилира. [28] Цхьа эзар ворхI бIе кхузткъе пхийтта
шекхал детих бIогIамийн мIерий а дира, церан
баххьаш тIе а дехкира, дIатосургаш а йира.
[29] СовгIат санна наха деана цIаста цхьа бIе
шовзткъа пунт а, ши эзар диъ бIе шекхал а ‡‡ дара.
[30] Цунах гуламан четарна чоьхьа воллучохь
хIиттийначу бIогIамийн баххаш а дира, сагIа
доккху кхерч а, цуьнан цаца а, берриг а гIирс а
бира. [31] Ткъа иштта оцу цIастанах ерриг а кертана
хIиттийначу бIогIамашна баххаш а дира, кевнна
долчу бIогIамашна баххаш а дира, Делан четар а,
керт а чIагIдеш долу хьостамаш а кечдира.

### Динан дайшна духарш дар

(Арадаккхар 28:1-14)

39 Сийначу а, таьIна-цIечу а, цIечу а эхангах
динан дайшна *Делан цIа* чохь гIуллакх дан
духарш кечдира цара, ткъа иштта АхIаронна а дира
деза духарш, Везачу Эло Мусана тIе-ма-диллара. [2]
*Ийпад* цIе йолу тIеюху хIума йира цара дешин тех
а, сийначу а, таьIна-цIечу а, цIечу а эхангах а,
ветанах динчу хьовзийначу тех а. [3] Дуткъадеш
нисдинчу дешин экъанех, хеда а деш, дашо теш а
даьхна, уьш, хаза дуцуш, сийначу а, таьIна-цIечу а,
цIечу а тешна юкъалецира цара. [4] Белшашкахь
ийпад дIайоьхкуш ши гур бира цара, цаьрца
ийпадан ши агIор цхьаьнатесна хилийта.
[5] Ийпадна тIехула доьхкуш дара иза ша санна дина
долу доьхка. Деших а, сийначу а, сирла-цIечу а,
таьIна-цIечу а эхангах а, дуткъачу кIадих а динера
иза, Везачу Эло Мусана тIе-ма-диллара [6] Пхьераша,
мухIар тIе язъеш ма-хиллара, Исраилан кIентийн
цIераш тIе а язйина, оникс цIе йолу деза тIулгаш
хIиттийра дашо беттанаш чу. [7] Юха и дашо
беттанаш ийпадан гураш тIехь дIанисдира цара,
Везачу Эло Мусана тIе-ма-диллара. Цу тIулгаша
Далла исраилхой дагахь латтор бара.

### Некха хьалха уллург кечъяр

(Арадаккхар 28:15-30)

[8] Юха, ийпад санна, деших а, сийначу а, сирла-
цIечу а, таьIна-цIечу а эхангах а, дуткъачу кIадих а
некха тIе уллу беза тIоьрмаг бира цара. [9] Иза
беакIов а, шалха а яра, йохалла а, шоралла а
барамана цхьа *ше* а йолуш. [10] Пхьераша беа
могIарехь деза тIулгаш дехкира цунна тIе.
Хьалхарчу могIарехь рубин а, топаз а, изумруд а
цIераш йолу тIулгаш дара. [11] ШолгIачу могIарехь
карбункул а, саппир а, алмаз а цIераш йолу тIулгаш
дара. [12] КхоалгIачу могIарехь яхонт а, агат а,
аметист а дара. [13] БоьалгIачу могIарехь хризолит а,
оникс а, яспис а дара. Дерриг а тIулгаш дашо гураш
чохь дара. [14] Берриг а цу бедар тIехь шийтта тIулг
бара, исраилхойн тайпанашка хьаьжжина. ХIора
тIулга тIехь, мухIарна тIехь санна, дIаязйина
шийтта тайпанан цхьацца цIе яра. [15] ЦIеначу
дешних йина юьйцина ши зIе яра некха тIе уллучу
бедарна тIехь. [16] Пхьераша йина дашо ши ботт а,

† *Шовзткъе берхIитта пунт а, ворхI бIе ткъе итт шекхал а *– вайн лелачу барамехь иза цхьа эзар кийла ю.** †† *38:25, 26 Арадаккхар 30:11-16.* ‡ *Ши бIе пунт, цхьа эзар ворхI бIе кхузткъе пхийтта деза шекхал *– вайн лелачу барамехь иза кхо эзар йиъ бIе шовзткъе итт кийла ю.** ‡† *38:26 Маттай 17:24.*

‡‡ *Цхьа бIе шовзткъа пунт а, ши эзар диъ бIе шекхал а *– вайн лелачу барамехь иза ши эзар йиъ бIе ткъе пхи кийла ю.**

дашо ши чIуг а яра цу тIехь. Ши чIуг некха
хьалхарчу безачу тIоьрмаган шина йисте дIатесна
яра. 17 Юьйцина йолу ши зIе, чIагарех чекх а яьхна,
некха тIе уллучу безачу тIоьрмаган шина йисте
дIатесира пхьераша. 18 Ткъа зIенийн важа ши
чаккхе, шина дашо батта чу а тесна, ийпадан
хьалхарчу агIор гура тIехь дIанисийра. 19 Кхин ши
дашо чIуг а йина, некха хьалха уллучу бедаран
вукху шина йисте, ийпадехьа йолчу чухула агIор
тийгира пхьераша. 20 Кхин а дашо ши чIуг а йина,
ийпадан белшашкахь болу шина гурана лахо,
хьалха агIор тийгира, и гураш ийпадан доьхкарна
тIехула хотталучохь. 21 Некха хьалха уллучу
бедаран чIагарш ийпадан чIагарех дIатесира
сийначу тIергаца. Иза иштта динера, некха хьалха
уллург ийпадах къаьстина ца хилийтархьама,
Везачу Эло Мусана тIе-ма-диллара.

### Динан дайшна лерина кхин духарш
(Арадаккхар 28:31-43)

22 Юха ийпадна бухахо сийначу тIергIан
юьйцинчу кIадих оба йира цара. 23 Корта
чекхбаккха цу обанна юккъехь Iуьрг даькккхира,
ткъа йистош яста ца ялийта, кIади а лоцуш,
дIатийгира. 24 Обанан юьхана сийначу а, сирла-
цIечу а, таьIначу-цIечу а эхангах а, дуткъачу кIадих
а Iежан суьртехь дина оьргаш оьхкира. 25 ЦIеначу
деших дина горгалеш оьхкира Iежашна юккъе.
26 Iаж а, горгали а хийцалуш дара обанан юха тIехь.
И бедар Далла лерина гIуллакх дечу хенахь динан
дас тIеюха езаш яра, Везачу Эло Мусана тIе-ма-
диллара.
27 АхIаронна а, цуьнан кIенташна а дуткъачу
дуьйцинчу кIадих кучамаш тийгира. 28 Чалба а,
коьртах йоьхку хIуманаш а, чухула юху бедарш а
йира оцу дуткъачу кIадих. 29 Юха дуткъачу кIадих а,
сийначу а, сирла-цIечу а, таьIна-цIечу а эханган,
куьцаш а деш, доьхка дира, Везачу Эло Мусага ма-
аллара. 30 ЦIеначу деших йина аса яра дезачу
тажана лерина, цу тIехь, мухIарна тIехь санна,
яздинера: «Везачу Элана къобалдинарг» аьлла.
31 Куйна тIехула иза дIаехка цу тIе сийначу эхангах
йина тIийраг тесира, Везачу Эло Мусана тIе-ма-
диллара.

### Болх чекхбаккхар
(Арадаккхар 35:10-19)

32 Нах гулбеш болчу Делан четарна лерина болу
болх чекхбелира. Везачу Эло Мусана тIе-ма-
диллара, дерриг а кхочушдира исраилхоша.
33 Мусана четар а, цунна богIу берриг а гIирс а,
чIагарш а, гураш а, хьокхий а, бIогIамаш а, лаха
лоцурш а схьаеара. 34 Четарна тIетуху цIен басар
хьаькхна йолу уьстагIийн цIоканех йина *кхалор* а,
тIаьрсиган кхалор а, дезачу цIа чу волуш оьллина
шаршу а гайтира исраилхоша цунна. 35 *Тоьшаллин
тIорказ* а, цуьнан хьокхий а, негIар а гайтира
исраилхоша цунна. 36 Шен гIирсашца а, цу тIе
диллинчу дезачу баьпкаца а йолу стол а гайтира.
37 ЦIеначу деших йина, шена тIехь кегийра
къуьданаш йолу стогар а, цуьнан гIирс а, дагош
долу даьтта а гайтира. 38 СагIа доккху дашо кхерч а,
нахана а, хIуманашна а, уьш беза хилар лоруш,
тIехьокху даьтта а, хаза хьожа йогIу, дагош долу
силам а, четар чу волуш дуьхьал уллу шаршу а
гайтира. 39 СагIа доккху цIестан кхерч а, цуьнца
болу цIестан цаца а, хьокхий а, берриг а цуьнан
гIирс а, юьхь-куьг дуьлу бога а, цуьнан бух а
гайтира. 40 УьйтIе дIакъовлуш ухку шаршуш а,
шайн бIогIамашца а, баххашца а, уьйтIарчу кевнна
дуьхьал уллу шаршу а, машшаш а, хьокхий а, нах
гулбеш болчу Делан четар чохь Iамал дечу хенахь
лело гIирсаш а гайтира. 41 Юха динан дайн духарш
(Iамал ечу хенахь динан да волчу АхIарона а,
цуьнан кIенташа а тIедуха дезаш долу деза духарш)
гайтира. 42 Везачу Эло Мусана тIе-ма-диллара,
бинера исраилхоша берриг а белхаш. 43 Балхе
хьаьжча, Мусана гира иза Везачу Эло тIе-ма-
диллара бина хилар. ТIаккха Мусас уьш
декъалбира.

### Гуламан четар дIахIоттор а, къобалдар а

40 Везачу Эло Мусага элира: 2 «Хьалхарчу
беттан хьалхарчу дийнахь гуламан четар
дIахIоттаде. 3 Цу чу тIулгийн экъанаш чохь йолу
тIорказ хIоттаде, цунна дуьхьал шаршу а оллий.
4 Юха, чу а яй, стол а, цу тIехь хIиттайо хIуманаш а
дIахIиттае. Стогар а схьаба, цу тIе цуьнан
къуьданаш хIиттабе. 5 Хаза хьожа йоккху хIума
шена тIехь ягош болу дашо кхерч тIорказна хьалха
хIоттабе. Четаран неIарехь шаршу а олла. 6 СагIина
лерина шена тIехь хьайба дагош болу кхерч
четарна чуволлучохь хIоттабе. 7 Четарний,
кхерчаний юккъе юьхь-куьг дуьлу бога а хIоттадай,
цу чу хи дотта. 8 Гонах керт а хIоттаяй, кевнна
дуьхьал шаршу олла.
9 ТIаккха, къобалваран даьтта схьа а эций,
четарна а, цу чохь долчу массо а хIуманна а
тIедотта. Уьш еза хир ю цул тIаьхьа. 10 СагIа
доккхучу кхерчана а, цуьнан гIирсана а тIе даьтта
дотта. Къобалбе и кхерч, тIаккха иза къаьсттина
беза хир бу. 11 Юьхь-куьг дуьлучу боганна а, цуьнан
бухана а даьтта а доттий, иза а къобалде.
12 АхIарон а, цуьнан кIентий а, четарна улло а
балабай, хица цIанбе. 13 Даздина духарш АхIаронна
тIе а дохий, цунна даьтта а доттий, къобалве иза,
Суна гIуллакх деш *динан да* хилийта. 14 Цуьнан
кIентий схьа а балабай, царна тIе а юха кучамаш.
15 Айхьа церан дена тIе ма-доттара, даьтта дотта
царна тIе а, Суна гIуллакх деш, динан дай уьш
хилийта. И даьтта доттар бахьана долуш церан
тIаьхьенаш а хир ю Суна гIуллакх деш, динан дай а
хилла».
16 Везачу Эло шена тIе-ма-диллара, дерриг а
кхочушдира Мусас. 17 Мисар-махкара исраилхой
арабевллачу шолгIачу шеран хьалхарчу беттан

хьалхарчу дийнахь дІахІоттийна Везачу Элан
четар. [18] Мусас четар дІахІоттийра. Цкъа хьалха бух
а хІоттийна, юха бІогІамаш дІа а хІиттийна, гураш а
хІиттийна, хьокхий охьадехкира цо. [19] Юха цу
четарна тІехула *кхалор* а хІоттийна, тхов тІе хІума а
йиллина, иза дІакъевлира, Везачу Эло тІе-ма-
диллара.
[20] ТІе парзаш яздина тІулгийн экъанаш
*тоьшаллин тІорказ* чу а ехкина, тІорказан чІагарех
хьокхий чекх а даьхна, негІар тІорказна тІедиллира
Мусас. [21] ТІорказ, четар кІел а даьхьна, хьалха
шаршу а оьллина, дІакъевлира цо, Везачу Эло
шена тІе-ма-диллара.
[22] Четара кІел а яьхьна, къилбаседехьа, шаршуна
арахьа агІор стол хІоттийра цо. [23] Цу тІе Везачу
Элана хьалха дохку баьпкаш хІиттийра цо, Везачу
Эло тІе-ма-диллара.
[24] Юха стоьлана дуьхьал, къилбехьа, стогар
хІоттийра. [25] Везачу Элана хьалха къуьданаш
хІиттийра Мусас, Цо шена тІе-ма-диллара.
[26] Четарна кІелахь шаршуна хьалха шена тІехь *хаза
хьожа йогІу хІума* ягош болу дашо кхерч хІоттийра
цо. [27] Цу тІехь хаза хьожа йогІу хІума ягийра Мусас,
Везачу Эло тІе-ма-диллара.
[28] Четаран неІарехь шаршу оьллира цо.
[29] Дийнаташ дагоран *сагІа доккху кхерч* четарна
хьалха, чуволлучохь, хІоттийра цо. Цу тІехь
дийнаташ дагоран сагІанаш а, кІенан сагІанаш а
дохура Мусас, Везачу Эло шена тІе-ма-диллара.
[30] Юьхь-куьг дуьлу бога четарна а, сагІа доккхучу
кхерчана а юккъе а хІоттийна, цу чу хи доьттира
цо. [31] Мусас а, АхІарона а, цуьнан кІенташа а шайн
куьйгаш а, когаш а билира цу чохь. [32] ХІоразза а
четарна кІел доьлхуш а, кхерчана тІе доьлхуш а
дегІан меженаш юьлура цара, Везачу Эло Мусана
тІе-ма-диллара.
[33] Четарна а, кхерчана а гонах керт а хІоттийна,
кертан кевнна хьалха шаршу оьллира Мусас.
Иштта шен болх чекхбаьккхира цо.

## Четарна тІехула марха хІоттар

(Лелар 9:15-23)

[34] †Делан четарна гонах марха хІоьттира, ткъа цу
гуламан четаран чоь Везачу Элан олаллин нуьро
юьзира. [35] Муса Делан четарна кІел ца вахалора,
цунна гонах марха хиларна а, Везачу Элан олаллин
нур цу гуламан четарна чохь хиларна а. [36] Делан
четарна тІера и марха хьалаяьккхича, новкъа
бовлура исраилхой. [37] Марха Делан четарна тІехула
мел лаьтта, цара шайн *меттамотт* дІа ца боккхура.
[38] Дийнахь Везачу Элан марха четарна тІехула
лаьттара, ткъа буьйсанна цунна юкъахь йогуш цІе
хуьлура. Иштта хуьлура исраилхошна хьалха массо
а церан некъашкахь.

---

† *40:34 Сулим 8:10, 11; ЕшаІ-ЯхІу 6:4; Яхьазкхиал 43:4, 5; Довзийтинарг 15:8.*

# Іамалъяр

### Дешхьалхе

цIе йолчу тептар тIехь Исраилан халкъана юкъахь лелош долу Далла Іамалъяран а, динан гуламийн а парзаш ду. Динан дайша жоп луш хилла и тIедехкина парзаш нахана юкъахь кхочушдеш хилийтарх. Царна оцу тептар тIехь хьехамаш а бу.
Тептаран коьрта ойланаш ю: Дела Веза хилар а, наха Далла Іибадат муха дан деза а, церан дахар муха хила деза а, «Исраилан халкъан Везачу Делаца» йолу шайн юкъаметтиг лелорхьама.
Тептаран уггар шуьйра девзаш долу дешнаш 19:18 тIехь ду: «Хьо санна веза хьайна уллораниг а». И дешнаш Іийсас шолгIа сийлахь тIедиллинарг лоруш дара.

### Дийнаташ дагоран сагIанаш

1 Веза Эла Мусага кхайкхира, гуламан четар
чуьра цуьнга къамел дира Цо: 2 «ДIаала
исраилхошка: „Шух цхьанна Везачу Элана лерина
сагIа даккха лиъча, доккхачу а, жимачу а даьхних
даккха и сагIа. 3 Нагахь санна Везачу Элана лерина
дагоран сагIа стага доккхачу даьхних даккхахь, иза
боьрша хила деза, цхьа а сакхт а доцуш. Цо и
бежана гуламан четарна чуволлучохь дIахIотто
деза, Везачу Эле иза къобалдайтархьама.
4 Схьадалийначу бежанан коьрта тIе цу стага куьг
диллича, и сагIа цу стеган метта Дала тIеоьцур ду,
цунна тIера къинош дIадахархьама. 5 Везачу Элана
хьалха старгIина урс хьакха деза цу стага, цул
тIаьхьа АхIаронан кIентий болчу динан дайша
гуламан четарна чуволлучохь лаьттачу сагIа
доккхучу кхерчана массо а агIор тIетоха деза цу
бежанан цIийн цинцаш. 6 Оцу стага, дийначу
бежанна тIера неI схьа а даькххина, и бежана
дакъошка декъа деза. 7 АхIаронан кIентий болчу
динан дайша, сагIа доккхучу кхерча тIехь цIе а
латийна, цу тIе дечиг дилла деза. 8 АхIаронан
кIентий болчу динан дайша, цIера тIе дехкинчу
дечигаш тIе бежанан дакъош а, корта а, мохь а
йилла еза. 9 Оцу стага бежанан когаш а, чоко а
дилича, динан дас дерриге а дакъош цIера тIехь
даго деза. Иза цIера тIехь дагош долу сагIа ду,
цуьнан хьожа Везачу Элана тамехь ю.
10 Нагахь санна Везачу Элана лерина дагоран
сагIина стага жимачу даьхних – уьстагIех я гезарех
– даккхахь, иза цхьа а сакхт доцу боьрша дийнат
хила деза. 11 Стага Везачу Элана хьалха, сагIа
доккхучу кхерчан къилбаседехьарчу агIор охьа а
диллина, дийнатна урс хьакха деза, цул тIаьхьа
АхIаронан кIенташа, динан дайша, цу дийнатан
цIий тоха деза кхерчан массо а агIор. 12 Стага
дийнат дакъошка декъа деза, кортий, моххьий дIа
а къастийна. Юха динан дас и дакъош кхерча
тIерачу цIерана тIе техкинчу дечигна тIе дахка
деза. 13 Стага дийнатан когаш а, чоко а йилича,
дерриге а дакъош кхерча тIехь даго деза динан
дас. Иза цIера тIехь дагош долу сагIа ду, цуьнан
хьожа Везачу Элана тамехь ю.
14 Нагахь санна Везачу Элана лерина дагоран
сагIина стага олхазар дахьахь, иза я къоркхокха я
кхокха хила беза. 15 Динан дас, кхокха сагIа
доккхучу кхерчана тIе а беана, цуьнан корта
схьабоккхур бу. Цуьнан цIий кхерчан агIонна тIе
охьа а дахийтина, иза багор бу цо кхерча тIехь.
16 Кхокханан харданг а, месаш а схьа а яьхна,
кхерчан малхбалерчу агIор, юкъ дIахьоккхучу метте,
охьатосур ю динан дас. 17 Стага и кхокха, цуьнан
тIемаш, кег а ца деш, дIа а озийна, кагбича, иза
кхерча тIе техкинчу дечигна тIерачу цIергахь багор
бу динан дас. Иза цIера тIехь дагош долу сагIа ду,
цуьнан хьожа Везачу Элана тамехь ю“».

### КIен сагIа

2 «Нагахь цхьанна кIен сагIа даккха лаахь,
кIенах дина тоьлла дама схьа а дай, цу тIе
зайтдаьтта а дотта, *ливан* цIе йолу сегIаз а дилла
цо. 2 И сагIа динан дай болчу АхIаронан кIенташна
тIе дан деза. Деман цхьа кана, цуьнца долчу
зайтдаьттанца схьа а эцна, дерриг а ливанаца иза
сагIа доккхучу кхерча тIехь багор бу динан дас.
Дерриг а дама Везачу Элана сагIина дIаделла
хиларан билгало хир ю иза. ЦIера тIехь доккхуш
долчу оцу сагIин хьожа Везачу Элана тамехь хир ю.
3 КIен сагIанах бухадиснарг АхIаронна а, цуьнан
кIенташна а дала деза. Иза чIогIа деза ду, Везачу

Элана леринчу цIера тIехь даьхначу сагIанех иза
схьаэцна долу дела.
4 Нагахь санна пешахь деттина кIен сагIа ахь
доккхуш делахь, иза тоьллачу демах дина хила
деза: зайтдаьтта тоьхна совсаза бепиг я тIе
зайтдаьтта хьаькхна дуткъа совсаза хьокхамаш
хила деза.
5 Нагахь хьан кIен сагIа кхийрачу пхьегIи тIехь
деттина делахь, иза зайтдаьтта тоьхначу демах
совсаза дина хила деза. 6 Бепиг дакъошка а декъий,
цунна тIе зайтдаьтта дотта. Иза Везачу Элана
лерина кIен сагIа ду.
7 Нагахь хьан кIен сагIа ялгIу тIехь деттина бепиг
делахь, иза зайтдаьттанца долчу тоьллачу кIен
демах дина хила деза. 8 Иштта кечдина кIен сагIа
Везачу Элана схьада. Динан дега дIакховдаде иза,
цо кхерча тIе дуьллур ду и сагIа. 9 Динан дас, схьа а
эцна, кхерча тIехь сагIин цхьа дакъа дагор ду.
Дерриге а Везачу Элана сагIина дIаделла хиларан
билгало хир ю иза. Цу сагIин хьожа Везачу Элана
тамехь ю. 10 КIен сагIанах бухадиснарг АхIаронна а,
цуьнан кIенташна а дала деза. Иза чIогIа деза ду,
Везачу Элана леринчу цIера тIехь даьхначу
сагIанех иза схьаэцна долу дела.
11 Везачу Элана лерина дахьачу муьлххачу а кIен
сагIанах морза ма тоха, хIунда аьлча я морза а, я
моз а Везачу Элана леринчу сагIанца даго бакъо яц
шун. 12 Дуьххьара схьаэцначу ялтех долу совгIат
санна дан мегар ду уьш Везачу Элана лерина, амма
тамехь хьожа яийта кхерча тIехь даго мегар дац.
13 Муьлххачу а кIен сагIанах туьха тоха, хьайн сагIа
Делаца бинчу бертан туьха ца тухуш ма дита.
Муьлххачу а айхьа дахьачу сагIанца Везачу Далла
туьха да. 14 Дуьххьарчу ялтех кIен сагIа доккхуш
делахь, цIера тIехь дакъийначу кенех даьхна аьтта
долу буьртигаш да. 15 Царна тIе зайтдаьтта а дотта,
ливан цIе йолу сегIаз а дилла. Иза кIен сагIа ду.
16 Динан дас буьртигийн цхьа дакъа –
зайтдаьттанца а, мел долчу ливанаца а эдина –
дагор ду. И дерриге а Везачу Элана лерина сагIина
дIаделла хиларан билгало хир ю иза. Иза Везачу
Элана цIера тIехь даьккхина сагIа ду».

### Бертан сагIанаш

3 «Нагахь цхьаммо, бертан сагIа доккхуш,
доккха бежана даладахь, бен а дац иза боьрша
я стен хилар, – Везачу Элана леринарг цхьа а айп
доцу бежана хила деза. 2 Шен куьг бежанан коьрта
тIе а диллина, гуламан четарна чуволлучохь цунна
урс хьакха деза сагIа доккхучо. Динан дай болчу
АхIаронан кIенташа сагIа доккхучу кхерчан массо а
агIонна тIе цIий тоха деза. 3 Цу бертан сагIанах
цхьадолу дакъош Везачу Элана, дагоран сагIа
санна, даха деза: чухулара а, чоконна тIера а ерриг
а мохь, 4 ший жим а, царна тIера юкъа тIехь йолу
мохь а, доIаха тIера мохь а (иза жаннашца цхьаьна
яккха еза). 5 АхIаронан кIенташа цIерана тIе
техкинчу дечигашна тIехь долчу дийнаташ дагоран
сагIанца цхьаьна ягор ю уьш кхерча тIехь. Цу
сагIин хьожа Везачу Элана тамехь ю.
6 Нагахь стаг Везачу Элана лерина кегийрачу
дийнатех бертан сагIа доккхуш велахь, цхьа а айп
доцу боьрша я стен дийнат дала деза цо. 7 Нагахь
сагIина балийнарг уьстагI белахь, иза Везачу Элана
хьалха хIотто беза. 8 Дийнатан коьрта тIе куьг а
диллина, гуламан четарна хьалха цунна урс хьакха
деза. АхIаронан кIенташа сагIа доккхучу кхерчан
массо а агIонна тIе цуьнан цIий тоха деза. 9 Цу
бертан сагIанах цхьадолу дакъош Везачу Элана,
дагоран сагIа санна, даха деза: мохь а, букъан
даьIахка тIекхаччалц схьахадийна болу дума а,
чухулара а, чоконна тIера а мохь, 10 ший жим а,
царна тIера юкъа тIехь йолу мохь а, доIаха тIера
мохь а (иза жаннашца цхьаьна яккха еза). 11 Динан
дас сагIа доккхучу кхерча тIехь яго еза уьш. Иза
Везачу Элана лерина цIера тIехь даьккхина
кхачанан сагIа ду.
12 Нагахь стага сагIина ялийнарг газа елахь, иза
Везачу Элана хьалха хIотто еза. 13 Цунна тIе шен
куьг а диллина, гуламан четарна хьалха дийнатна
урс хьакха деза цу стага. АхIаронан кIенташа
газанан цIий сагIа доккхучу кхерчан массо а
агIонна тIе тоха деза. 14 Цу бертан сагIанах
цхьадолу дакъош Везачу Элана, дагоран сагIа
санна, даха деза: чухулара а, чоконна тIера а ерриг
а мохь, 15 ший жим а, юкъа тIехь йолу мохь а,
доIаха тIера мохь а (иза жаннашца цхьаьна яккха
еза). 16 Динан дас сагIа доккхучу кхерча тIехь яго
еза уьш. Иза цIера тIехь даьккхина кхачанан сагIа
ду, Везачу Элана тамехь йолу хьожа ю и.
Ерриг а мохь Везачу Элана лерина хила еза. 17 Иза
гуттаренна а шун тIаьхьенашна тIедуьллуш ду, шу
миччанхьа дехаш делахь а. Цхьа а тайпа мохь а,
цхьа а тайпа цIий а ма даалаш».

### Ларамаза латийначу къинна доху сагIанаш

4 Везачу Эло Мусага элира: 2 «ДIаала
исраилхошка: „Нагахь цхьаммо ларамаза
Везачу Эло тIедехкинчу парзашна дуьхьал къа
латийнехь, я дан ца магош дерг динехь, цо
кхочушдан дезарг хIара ду:
3 ‘Нагахь Везачу Элана лерина гIуллакх дан
къобалвинчу динан дас къа а латийна, и бахьана
долуш халкъ бехке хиллехь, ша латийначу къинна
цхьа а айп доцу къона старгIа ялае Везачу Элана
сагIина лерина. 4 Гуламан четаран неIарна улло а
ялийна, Везачу Элана хьалха хIотто еза и старгIа.
Динан дас, старгIин коьрта тIе куьйгаш а дехкина,
юха цунна урс хьакха деза Везачу Элана хьалха.
5 Юха Везачу Элана лерина гIуллакх дан
къобалвинчу динан дас стеран цIий гуламан четар
чу дахьа деза. 6 Шен пIелг цIий чу а Iоьттина,
Везачу Элана хьалха – Делан четаран уггар езачу
чоьнна хьалха долчу кирхьанна йистехь –
ворхIазза цIий пIелга тIера дIатоха деза цо.
7 Везачу Элана хьалха гуламан четарна чохь болчу,

шена тIехь *хаза хьожа йогIу хIума* ягочу кхерчан
маIех цIий хьакха деза динан дас, ткъа дисна цIий
гуламан четарна чуволлучохь лаьттачу тIехь
дийнаташ дагочу кхерчан буха тIе охьадотта деза
цо. 8 Къинах долчу сагIина йийначу стеран ерриг а
мохь схьаяккха еза, бертан сагIанах мохь схьа-ма-
йоккху: чухулара а, чоконна тIера а ерриг а мохь,
ший жим а, юкъа тIехь йолу мохь а, доIаха тIера
мохь а (иза жаннашца цхьаьна яккха еза).
Дийнаташ дагош болчу кхерча тIехь яго еза уьш
динан дас. 11 Стеран неI а, цуьнан дерриг жижиг а,
корта а, когаш а, чоко а, боьхаллаш а 12 *меттамотт*
болчуьра арахьа, Далла хьалха цIена йолчу метте а
яьхьна, чим дIакхуссучохь, дечиган цIера тIехь яго
еза. Чим дIакхуссучохь яго еза уьш.
13 Нагахь санна дерриге а Исраилан халкъо
ларамаза къа латадахь, Везачу Эло тIедехкина
парзаш а талхош, дан ца мегарг дахь, иза бехке хир
ду. 14 Шайн къинах дерг хиъча, наха дерриг а
халкъана тIера къинан сагIина къона старгIа яло
еза. Везачу Элан четарна хьалха дIахIотто еза иза.
15 Халкъана юкъара къаноша, шайн куьйгаш
стеран коьрта тIе а дехкина, урс хьакха деза цунна
Везачу Элана хьалха. 16 Везачу Элана лерина
гIуллакх дан къобалвинчу динан дас стеран цIий
гуламан четарна чу дахьа деза. 17 Шен пIелг стеран
цIий чохь баша а бина, Везачу Элана хьалха –
Делан четаран уггар езачу чоьнна хьалха долчу
кирхьанна йистехь – ворхIазза цинцаш дIатоха
деза динан дас. 18 Везачу Элана хьалха гуламан
четарна чохь лаьттачу, тIехь хаза хьожа йогIу хIума
ягочу кхерчан маIех цIий хьакха деза цо, ткъа
дисна цIий гуламан четарна чуволлучохь лаьттачу,
тIехь дийнаташ дагочу кхерчан буха тIе охьадотта
деза. 19 Ерриг а мохь, стеран чорха чуьра схьа а
яьккхина, кхерча тIехь яго еза. 20 Къинах долчу
сагIина йийначу старгIица диннарг дан деза кху
старгIица а. Иштта динан дас царна тIера къа
дIадоккхур ду, тIаккха Дала царна гечдийр ду.
21 СтаргIа, меттаматтал арахьа а яьккхина, яго еза,
хьалхалерниг санна. Иза халкъо латийначу къинах
долу сагIа ду.
22 Нагахь санна куьйгалхочо ларамаза къа
латадахь, шен Везачу Дала тIедехкина парзаш а
талхош, дан ца дезарг дахь, иза бехке хир ву. 23 Ша
къа латийнийла хиъча, сагIина цхьа а айп доцу
бож яло еза цо. 24 Божан коьрта тIе куьг а диллина,
дийнаташ дагоран сагIина далийна бежанаш
дойучу меттехь цунна урс хьакха деза цо Везачу
Элана хьалха. Иза къинах долу сагIа ду. 25 Динан
дас шен пIелгаца схьаэцна долу бежанан цIий
хьакха деза дийнаташ дагочу кхерчан маIех, ткъа
дисина цIий цу кхерчан буха тIе охьадотта деза цо.
26 Ерриг а мохь кхерча тIехь яго еза, бертан сагIа
доккхуш мохь ягош ма-хиллара. Иштта динан дас
куьйгалхочо латийна къа дIадоккхур ду, тIаккха
Дала цунна гечдийр ду.
27 †Нагахь халкъана юкъара цхьаммо ларамаза
къа латадахь, Везачу Эло тIедехкина парзаш а
талхийна, дан ца дезарг дахь, иза бехке хир ву.
28 Ша къа латийнийла хиъча, сагIина цхьа а айп
доцу газа яло еза цо латийначу къинах. 29 Газанан
коьрта тIе куьг а диллина, къинах долчу сагIина
лерина цунна урс хьакха деза цо дийнаташ
дагоран сагIина бежанаш дойучу меттехь. 30 Динан
дас шен пIелгаца, схьа а эцна, цуьнан цIий хьакха
деза дийнаташ дагочу кхерчан маIех, ткъа дисина
цIий цу кхерчан буха тIе охьадотта деза цо.
31 Бертан сагIа доккхуш схьакъастош йолу мохь
санна, газанан ерриг а мохь схьакъасто еза. Динан
дас кхерча тIехь яго еза иза, Везачу Элана тамехь
йолу хьожа хилийта. Иштта динан дас цу стагана
тIера къа дIадоккхур ду, тIаккха Дала цунна
гечдийр ду.
32 Нагахь оцу къа латийначу стага къинах долчу
сагIина Iахар балабахь, иза цхьа а айп доцуш болу
стениг хила беза. 33 Цуьнан коьрта тIе куьг а
диллина, къинах долчу сагIина лерина цунна урс
хьакха деза дийнаташ дагоран сагIина бежанаш
дойучу меттехь. 34 Динан дас шен пIелгаца
схьаэцна цу Iахаран цIий хьакха деза дийнаташ
дагочу кхерчан маIех, ткъа дисна цIий кхерчан
буха тIе охьадотта деза цо. 35 Iахаран ерриг а мохь
схьакъасто еза, бертан сагIа доккхуш бийначу
Iахаран санна. Динан дас кхерча тIехь, кхидолчу
дохучу сагIанашца цхьаьна, яго еза иза Везачу
Элана сагIина лерина. Иштта динан дас оцу стага
латийна къа дIадоккхур ду, тIаккха Дала цунна
гечдийр ду"'».

### ХIун къинош латийча даккха деза сагIа?

5 «Нагахь стаг, цхьа хIума гина я цунах лаьцна
хезна, теш велахь, шена хуучух чIагIо е аьлча,
цо иза ца яхь, тIаккха иза бехке ву, цо жоп дала
деза.
2 Стаг хьарам йолчу хIуманах дIахьакхавала
тарло. Хуьлийла иза делла хьарам экха, я хьарам
хьайба, я хьарам текхарг, стагана ша цунах
дIахьакхавеллий ца хаахь а, иза бехке а, Далла
хьалха боьха а ву.
3 Адамца доьзна долчу муьлххачу а Далла хьалха
цIена доцучу хIуманах, шена а ца хууш, стаг
хьакхавеллехь, амма тIаьхьа цунна и хиънехь а,
иза бехке ву.
4 Ойла а ца еш, цхьа хIума дийр ду аьлла, чIагIо
ян там бу стага. И хIума вон я дика хила мега –
башхо яц. Стага ца хууш чIагIо яхь, амма цунна иза
юха дагайоггIушехь цуьнан бехк хир бу.
5 Нагахь санна стага оцу дийцинчех цхьа къа
латийнехь, цо нахана хьалха даре дан деза шегара
даьллачунна. 6 Ша латийначу къинна, гIуда санна,
цо Везачу Элана лерина сагIа даккха деза, уьстагI я
газа а ейтина. Иштта динан дас цу стага латийна
къа дIадоккхур ду.

† *4:27-31 Лелар 15:27, 28.*

7 Нагахь санна шен уьстагІ бен таро яцахь, Везачу
Элана лерина ши кхокха (я ши къоркхокха) гІуда
санна бан беза цо, цхьа кхокха къинан сагІина,
ткъа важа дагоран сагІа санна. 8 И ши кхокха динан
дега дІабала беза. Цо къинан сагІина болчу
кхокханан лаг хадор ду, амма корта схьабоккхур
бац. 9 Оцу кхокханан цІий цо сагІа доккхучу
кхерчан агІонах тухур ду, ткъа диснарг кхерчан
когашна улло охьадуттур ду. Иза къинна дуьхьал
даьккхина сагІа хир ду. 10 ШолгІа кхокха дагоран
сагІа доккхуш багор бу динан дас, тІедиллина ма-
хиллара. Иштта динан дас цу стага латийна къа
дІадоккхур ду, тІаккха цунна Дала гечдийр ду.
11 Нагахь санна ши кхокха бан а стеган таро ца
хилахь, ша латийначу къинна дуьхьал бархІ кад
дама дан деза цо. Демах даьтта а, ягийна *хаза
хьожа йогІу хІума* а ма тоха, хІунда аьлча иза
къинан сагІа ду. 12 Къа латийначу стага и дама
динан да волчу схьадан деза. Динан дас, Везачу
Элана деана хиларан билгалонна цхьа кана схьа а
эцна, дама кхерча тІехь дагор ду кхачанан сагІа
санна. 13 Иштта динан дас цу стага латийна къа
дІадоккхур ду, Дала а цунна гечдийр ду. СагІа
даьккхича дисина дама динан дена догІуш ду, кІен
сагІа а хилла».

### ГІуда такхаран сагІанаш

14 Везачу Эло Мусага элира: 15 «Нагахь санна стага,
Везачу Элана догІуш дерг дІа а ца луш, ларамаза
къа латадахь, цхьа а сакхт доцу ка бан беза цо
шегара даьллачунна тІера. Коьман мах дато
*шекхал* ахча хІотто беза ахь (шекхал Езачу
Меттигехь лелош долчу барамехь хила деза),
даьллачунна гІуда такхаран сагІина лерина. 16 Цо
ша хІинццалц ца делларг дІадала деза. ДІадала
дезачунна тІе пхоьалгІа дакъа а тоьхна, иза динан
дега дІадала деза. Иштта динан дас цу стага
латийна къа дІадоккхур ду. Цо гІуда такхаран сагІа
а лерина, ка схьаоьцур бу, тІаккха Дала а цу стагана
гечдийр ду.
17 Нагахь санна стага Везачу Эло тІедехкина
парзаш талхош, дан ца дезарг динехь, иза бехке ву,
цо шегара даьллачунна жоп дала деза, ца хууш и
даьллехь а. 18 Цо динан да волчу сакхт доцу ка
бахьа беза гІуда такхаран сагІина лерина, ахь
хадийначу мехах. Иштта динан дас цу стага
ларамаза латийна къа дІадоккхур ду, тІаккха Дала а
гечдийр ду цунна. 19 Везачу Элана дуьхьал
даьллачу хІуманна а стаг бехке ву, цундела цо гІуда
такхаран сагІа даккха деза».

## 6

†Везачу Эло Мусага элира: 2 «Цхьаммо, Везачу
Элана хьалха цатешаме а хуьлуш, къа лато
тарло. Масала, цунах тешна цхьа хІума йитина я
цхьана ханна дІаелла хилла, ткъа цунах лаьцна
цуьнан уллораниг Іехо тарло цо. Я, масала, цхьа
хІума шен уллорачух лачкъийна цо. Я цхьаъ леван
тарло цо. 3 Я цхьа хІума а карийна, иза
къайладаккха тарло цо. Я муьлххачу а шегара
даьллачу къинах цо харцдуй баа тарло, цу
бахьанина къа а латош. 4 Оцу тайпана къа а
латийна, бехке волчу стага ша лачкъийнарг, я
схьадаьккхинарг, я шега делларг, я шена
карийнарг, 5 я шех лаьцна харцдуй биъна хІума
юхадала деза. ДогІург дерриг дІа а делла, цу тІе
пхоьалгІа дакъа тоха деза цо. ГІуда такхаран сагІа
доккхучу дийнахь цу хІуманан дега дІадала деза цо
иза. 6 Шен бехк хиларна цу стага Везачу Элана
лерина гІуда такхаран сагІа даккха деза. *Динан да*
волчу цхьа а сакхт доцу а, богІучу мехах болу а ка
бало беза цо. 7 Иштта Везачу Элана хьалха динан
дас цу стага латийна къа дІадоккхур ду, тІаккха
Дала цуьнгара девллачу дерриге а къиношна
гечдийр ду цунна».

### Дийнаташ дагоран сагІанах долу тІедиллинарг

8 Везачу Эло Мусага элира: 9 «АхІароне а, цуьнан
кІенташка а дІаала: дийнаташ дагоран сагІанах
долу тІедуьллург ду хІара. Кхерча тІехь дагош долу
дийнаташ буьйсанна сахиллалц цІера тІехь дита
деза, кхерчан цІе а, ца йовш, яга езаш ю. 10 Динан
дас чухула а, тІехула а дуткъачу кІадих йина
бедарш юха еза. Кхерча тІера дийнат дагийна
бисна чим, схьа а эцна, кхерча улло охьабилла беза
цо. 11 Цул тІаьхьа, шен бедарш схьа а яьхна, кхин
бедарш а юьйхина, меттаматтал арахьа, Далла
хьалха цІена йолчу метте, чим дІабахьа беза цо.
12 Кхерча тІера цІе, ян ца йовш, яга езаш ю цу
хенахь. ХІора Іуьйранна динан дас кхерча тІе дечиг
тилла деза, цу тІе дийнаташ дагоран сагІа а дилла
деза, иштта бертан сагІанах йолу мохь цу тІехь яго
а еза. 13 ЦІе кхерча тІехь гуттар а яга езаш ю, дІа а
ца йовш».

### КІен сагІанах долу тІедиллинарг

14 «КІен сагІанах долу тІедиллинарг ду хІара:
динан дайша, АхІаронан кІенташа, сагІа доккхучу
кхерчана дуьхьал Везачу Элана лерина дан деза
иза. 15 КІен сагІанах цхьа кана тоьлла кІен дама
схьаэца деза динан дас. Зайтдаьттанца а, мел долчу
ливанаца а и дама э а дина, иза кхерча тІехь даго
деза. Дерриге а Везачу Элана сагІина дІаделла
хиларан билгало хир ю иза. 16 КІен сагІанах диснарг
АхІарона а, цуьнан кІенташа а дІадаа деза. Езачу
меттехь, гуламан четар долчу кертахь, совсаза а
долуш, даа деза цара и сагІа. 17 Морза а тухуш,
датта ца деза кІен сагІин бепиг. Ас Сайн сагІанех
динан дайшна луш долу дакъа ду иза. Къинах
долчу сагІанах а, гІуда такхаран сагІанах а тера
долу чІогІа деза сагІа ду иза. 18 АхІаронан
тІаьхьенах болчу массо а божарша даа мегаш ду и
сагІа. Церан тІаьхьенашна гуттаренна а Везачу
Элан сагІанах долу дакъа ду иза. Цунах
дІахьакхаделларг дерриг а деза хир ду».

† *6:1-7 Лелар 5:5-8.*

19 Везачу Эло Мусага элира: 20 «АхIарона а, цуьнан
кIенташа а иза даьттанца къобалвечу дийнахь
Везачу Элана лерина даккха дезаш долу сагIа
иштта хила деза: бархI кад тоьлла кIен дама дан
деза цара гуттар а доккхучу кIен сагIина лерина,
царах ах – Iуьйранна, важа ах – суьйранна.
21 Зайтдаьттанца эдина дама кхийрачу пхьегIи
тIехь кечдан деза. ТIаккха, кеч а дина, дуззалц
зайтдаьттанца э а дина, кIен сагIа санна, иза Везачу
Элана даккха деза. Цуьнан хьожа Везачу Элана
тамехь хир ю. 22 АхIаронан кIентех волчу,
даьттанца къобалвинчу динан дас даккха деза и
сагIа. Иза Везачу Эло гуттаренна а тIедуьллуш долу
парз ду. КIен сагIа дерриг а даго дезаш ду. 23 Динан
дегара долу муьлхха а кIен сагIа даго деза, иза даа
мегар дац».

## Къинах долчу сагIанах лаьцна тIедиллинарг

24 Везачу Эло Мусага элира: 25 «АхIароне а, цуьнан
кIенташка а дIаала: къинах долчу сагIанах лаьцна
тIедиллинарг иштта ду. Дийнаташ дагоран сагIина
бежанаш дойучу меттехь Везачу Элана хьалха урс
хьакха деза къинах долчу сагIина далийначу
дийнатна. Иза чIогIа деза сагIа ду. 26 Къинах долу
сагIа доккхуш волчу динан дас даа деза и сагIа.
Гуламан четар лаьттачу кертахь, езачу меттехь, даа
деза цо иза. 27 Цу сагIин жижигах хьакхаделларг
дерриг а деза ду. Цуьнан цIий тIе а кхетта, бедарш
бехйинехь, езачу меттехь хица цIанъян еза уьш.
28 Кхийрачу пхьегIи чохь цуьнан жижиг
кхехкийнехь, и пхьегIа йохо еза. ЦIестан пхьегIи
чохь иза кхехкийнехь, и пхьегIа цIан а йина, йила
еза. 29 Динан дайх болчу берриг а божарша даа
мега и сагIа. Иза чIогIа деза сагIа ду. 30 Нагахь Езачу
Меттехь адамийн къинош дIадахархьама, къинах
долчу сагIин цIий гуламан четарна чу даьхьнехь, и
сагIа даа мегар дац. Иза цIера тIехь даго деза».

## ГIуда такхаран сагIанах лаьцна тIедиллинарг

7 «ХIара ду гIуда такхаран сагIанах лаьцна
тIедиллинарг. Иза чIогIа деза сагIа ду.
2 Дийнаташ дагоран сагIина бежана дуьйччу
меттехь урс хьакха деза гIуда такхаран сагIина
дуьйчу дийнатна а. Цуьнан цIий тоха деза сагIа
доккхучу кхерчана тIе массо а агIор. 3 Дийнатан
ерриг а мохь сагIина яккха еза: дума а, чухулара
мохь а, 4 ший жим а, царна тIера юкъа тIехь йолу
мохь а, доIаха тIера мохь а (иза жаннашца цхьаьна
яккха еза). 5 Динан дас кхерча тIехь Везачу Элана
лерина ягор ю уьш. Иза гIуда такхаран сагIа ду.
6 Динан дайн тайпанах волчу массо а боьршачу
стеган даа йиш ю и сагIа. Иза езачу меттехь даа
деза. ЧIогIа деза сагIа ду иза.
7 Къинах долчу сагIанах а, гIуда такхаран сагIанах
а лаьцна тIедиллинарг цхьаъ ду: цу сагIанца стага
летийна къинош дIадохуш волчу динан дена
дIалуш ду иза. 8 Цхьаммо дийнаташ дагоран сагIа
даьккхича, дийнатан неI я цIока и сагIа даккхар
дIахьош волчу динан дена дуьсу. 9 Я пешахь, я ялгIу
тIехь, я кхийрачу пхьегIи тIехь мел деттина кIен
сагIа иза дIахьочу динан дена дуьсу. 10 Даьттанца
эдина я декъа долу муьлхха а кIен сагIа АхIаронан
кIенташна дуьсу, цхьанна санна, вукхунна а».

## Бертан сагIанах лаьцна тIедиллинарг

11 «Везачу Элана лерина доккхучу бертан сагIанах
лаьцна тIедиллинарг хIара ду. 12 Цхьаммо и сагIа
баркаллин сагIа санна даккхахь, сагIа доккхучу
дийнатца цхьаьна цо зайтдаьтта тоьхначу демах
дина совсаза бепиг а, зайтдаьтта тIехьаькхна
дуткъа совсаза хьокхамаш а, зайтдаьттанца эдинчу
тоьллачу демах йина совсаза локъамаш а схьаян
еза. 13 Цул сов, морзанна тIехь дина бепиг а
схьадан деза цо, баркаллина бертан сагIа доккхуш.
14 Ша деанчу хIуманех цхьацца Везачу Элана
лерина хилийта еза цо. Бертан сагIин цIий тухучу
динан дена дуьсу иза. 15 Баркаллина даьккхинчу
бертан сагIин жижиг цу дийннахь даа деза, цунах
хIумма а Iуьйренга далийта мегар дац.
16 Нагахь цхьаммо сагIа шен нигатца я даггара
болчу лаамца доккхуш делахь, сагIин жижиг цу
дийннахь даа деза, бухадиснарг шолгIачу дийнахь
а даа мегар ду. 17 Ткъа сагIин жижиг кхоалгIачу
дийне далахь, иза цIера тIехь даго деза. 18 Нагахь
цхьаммо цу сагIин жижиг кхоалгIачу дийнахь
даахь, и сагIа къобал хир дац. СагIа даьккхинчунна
цхьа а шапаIат хир дац иза бахьанехь, хIунда
аьлча и сагIа Везачу Элана хьалха боьха хилла.
Жижиг диинарг бехке а ву, шегара даьллачух жоп
дала а деза цо. 19 Нагахь цу сагIин жижиг Далла
хьалха боьха йолчу хIуманах хьакхалахь, иза даа
мегар дац, и жижиг цIера тIехь даго деза.
Далла хьалха муьлххачу а цIеначу стага бертан
сагIин жижиг даа мегар ду. 20 Нагахь Далла хьалха
цIена воцучу стага Везачу Элана леринчу бертан
сагIин жижиг даахь, иза шен халкъана юкъара
дIаваккха веза. 21 Нагахь цхьа стаг, Далла хьалха
цIена йоцучух – адамах я дийнатах, я текхаргех – а
хьакхавелла, бертан сагIин жижиг даа хIоттахь, иза
шен халкъана юкъара дIаваккха веза».
22 Везачу Эло Мусага элира: 23 «ДIаала
исраилхошка: „Стеран а, уьстагIан а, газанан а цхьа
а тайпа мохь ма яа. 24 Деллачу а, экхано цистинчу а
дийнатан мохь шен гIуллакхна хьажо мегар ду,
амма яа мегар дац. 25 Везачу Элана леринчу сагIина
дийначу дийнатан мохь йиънарг шен халкъана
юкъара дIавоккхур ву. 26 †Миччанхьа шаьш Iаш
делахь а бежанийн а, олхазарийн а цхьа а тайпа
цIий ма даалаш. 27 Цхьаммо и цIий даахь, иза шен
халкъана юкъара дIавоккхур ву“».
28 Везачу Эло Мусага элира: 29 «ДIаала
исраилхошка: „Везачу Элана лерина бертан сагIа
доккхуш волчо цу сагIин цхьа дакъа Везачу Элана

† *7:26, 27 Доладалар 9:4; Iамалъяр 17:10-14; 19:26; Карлабаьккхинарг 12:16, 23; 15:23.*

хьалха дахьа деза. 30 Шен куьйгашца цIера тIехь
доккху сагIа схьадан деза цо. Шатайпа сагIа санна †,
Везачу Элана хьалха дахьа деза цо махьарца долу
некха тIера жижиг. 31 Мохь динан дас кхерча тIехь
ягор ю, ткъа некха тIера жижиг АхIаронна а,
цуьнан кIенташна а дуьсур ду. 32 Бертан сагIанах
долу дийнатан аьтту гIогI совгIатна динан дена
дIадала деза. 33 АхIаронан кIентех бертан сагIа,
цIий а даькккхина, мохь а ягийна, кхочушдинчунна
дIадала деза аьтту гIогI. 34 ХIунда аьлча Ас
исраилхошкара бертан сагIанах шатайпа сагIина
луш долу некхан жижиг а, совгIатна луш долу аьтту
гIогI а, схьа а эцна, АхIаронна а, цуьнан кIенташна
а дIаделла. Исраилан халкъо гуттар а иза динан
дайшна дIадала дезаш ду. 35 Везачу Элана цIера
тIехь даьхначу сагIанех долу дакъош ду уьш,
АхIаронна а, цуьнан кIенташна а луш долу, Везачу
Элана динан гIуллакх дан уьш къобалбичхьана
дуьйна. 36 Везачу Эло тIедиллинера, исраилхоша
царна и дакъош лур ду аьлла, даьтта тIе а
доьттина, уьш къобалбинчу дийнахь дуьйна.
Царна и дакъош далар исраилхошна гуттаренна а
тIедиллина ду“».
37 Иштта бу дийнаташ дагоран а, кIен а, къинах
долу а, гIуда такхаран а, вазваран а, бертан а
сагIанех лаьцна болу хьехам. 38 Везачу Эло Мусана
бовзийтина иза Синай-лам тIехь, Ша исраилхошка
Синайн яьссачу арахь Шена лерина сагIанаш даха
аьллачу хенахь.

### АхIарон а, цуьнан кIентий а къобалбар
(Арадаккхар 29:1-37)

8 Везачу Эло Мусага элира: 2 «АхIарон а, цуьнан
кIентий а схьабалабе, царна тIеюху еза бедарш
а, къобалваран даьтта а схьаэца, къинан сагIа
даккха старгIа а, ши ка а балабе, цхьа тускар
совсаза бепиг а да, 3 гуламан четарна чуволлучохь
дерриг а халкъ схьа а гулде».
4 Везачу Эло тIе-ма-диллара, гIуллакх кхочушдира
Мусас. Халкъ гуламан четарна чуволлучохь
схьагулделира. 5 Мусас элира нахе: «ХIара ду Везачу
Эло кхочушдан тIедиллинарг».
6 АхIарон а, цуьнан кIентий а, схьа а балийна,
хица лийчийра Мусас. 7 АхIаронна тIе коч а
юьйхина, юкъах доьхка а дихкина, тIехула оба
юьйхира Мусас, юха тIе *ийпад* а юьйхина, юкъах
ийпадан доьхка а дихкира, цуьнца АхIаронна тIехь
ийпад а чIагIйира цо. 8 Цунна тIе некха хьалха
уллуш болу беза тIоьрмаг а оьллина, цу чу *Урим а*,
*Тумим а* цIераш йолу ши тIулг биллира Мусас.
9 АхIаронан коьрта тIе чалба а тиллина, чалбанна
хьалха агIор иза Везачу Элана лерина ву аьлла *таж*
долу дашо экъа оьллира, Везачу Эло Мусана тIе-ма-
диллара.

10 Къобалдаран даьттанах цхьа дакъа схьа а эцна,
иза четарна а, цу чохь долчунна а тIе а доьттина, и
дерриг а къобалдира Мусас. 11 ВорхIазза сагIа
доккхучу кхерча тIе а даьтта а тоьхна, кхерчана а,
цуьнан гIирсашна а, юьхь-куьгдуьлургана а,
цуьнан буьхана а тIе даьтта доьттира уьш
къобалъян. 12 АхIаронан коьрта тIе даьтта доьттира
Мусас, иза къобалвархьама. 13 АхIаронан кIентий
схьа а балийна, царна тIе кучамаш а юьйхина,
юкъах доьхкарш а дихкина, кортош тIе кIадинан
асанаш йиххкира Мусас, Везачу Эло шена тIе-ма-
диллара.
14 Къинан сагIина лерина старгIа схьаялийра
Мусас. Юха АхIарона а, цуьнан кIенташа а старгIин
коьрта тIе куьйгаш дехкира. 15 СтаргIина урс а
хьаькхна, шен пIелгаца схьаэцна цIий кхерчан
маIех хьаькхира Мусас. Иштта кхерч къинойх
цIанбира цо. Юха, дисина цIий кхерчан буха тIе
охьа а доьттина, кхерч къобалбира цо, иза Далла
хьалха цIена хилийта. 16 Бежанна чуьра ерриг мохь
а, доIаха тIера мохь а, шайн махьарца ший жим а,
схьа а эцна, кхерча тIехь багийра Мусас. 17 Ткъа
старгIанах йиснарг – цуьнан неI а, жижиг а,
боьхаллаш а – меттаматтал арахьа а яьхна, цIера
тIехь ягийра цо, Везачу Эло шена тIе-ма-диллара.
18 Дийнаташ дагоран сагIина ка схьабалийра
Мусас. АхIарона а, цуьнан кIенташа а коьман
коьрта тIе куьйгаш дехкира. 19 Коьмана урс а
хьаькхна, цуьнан цIий массо а агIор сагIа доккхучу
кхерчана тIе туьйхира Мусас. 20 Ка дакъошка бекъа
а бекъна, чоко а, когаш а хица била а билина,
берриг а ка – корта а, дакъош а, мохь а – кхерча
тIехь, дийнат дагоран сагIа санна, багийра Мусас.
Везачу Элана тамехь долу, цIера тIехь даькккхина
сагIа дара иза, Везачу Эло Мусана тIе-ма-диллара.
22 Мусас кхин ка схьабалийра, иза АхIарон
вазварна лерина бара. АхIарона а, цуьнан
кIенташа а коьман коьрта тIе куьйгаш дехкира.
23 Коьмана урс а хьаькхна, цуьнан цIий, жимма
схьаэцна, АхIаронан аьтту лерган дума тIе а, аьтту
куьйган нана-пIелга тIе а, аьтту коган нана-пIелга
тIе а хьаькхира Мусас. 24 АхIаронан кIентий тIе а
балийна, церан массеран а аьтту лерган дума тIе а,
аьтту куьйган нана-пIелга тIе а, аьтту коган нана-
пIелга тIе а цIий хьаькхира Мусас. Кхерчана массо
а агIор дисна цIий туьйхира цо. 25 Мохь а, дума а,
чоконна тIера ерриг мохь а, доIаха тIера мохь а,
шайн махьарца ший жим а, аьтту гIогI а
схьаийцира Мусас. 26 Везачу Элана хьалха
хIоттийначу, совсаза бепиг чохь долчу тускар
чуьра совсаза цхьа бепиг а, зайтдаьтта тоьхначу
демах дина совсаза цхьа бепиг а, зайтдаьтта
тIехьаькхна буткъа совсаза цхьа хьоькхам а, схьа а
эцна, махьарна а, аьтту гIогIана а тIе диллира
Мусас. 27 АхIаронан а, цуьнан кIентийн а куьйгашна
тIе а дехкина, цаьрга и дакъош, Везачу Элана
лерина шатайпа сагIа санна, хьалаайийтира цо.
28 Юха, церан карара уьш схьа а эцна, кхерча тIехь

† *Шатайпа сагIа* *– и сагIа Везачу Элана хьалха дIасадего дезаш дара, иза Цунна шатайпа совгIат хиларан билгало йолуш санна.*

дийнаташ дагоран сагІанца дагийра цо. Иза Везачу
Элана лерина, цІера тІехь даькккхина, вазваран
сагІа ду, цуьнан хьожа Цунна тамехь ю. [29] Некхан
жижиг, схьа а эцна, Везачу Элана лерина шатайпа
сагІа санна хьалаайира Мусас. АхІарон вазваран
сагІина леринчу коьмах долу Мусан дакъа дара
иза, Везачу Эло цунна тІе-ма-диллара.
[30] Къобалдаран даьтта а, кхерча тІера цІий а,
жимма схьа а эцна, АхІароннна а, цуьнан бедаршна
а, АхІаронан кІенташна а, церан бедаршна а тІе
туьйхира Мусас. Иштта АхІарон а, цуьнан кІентий
а, церан бедарш а къобалйира цо.
[31] АхІароне а, цуьнан кІенташка а Мусас элира:
«Гуламан четарна чуволлучохь жижиг а кхехкадай,
цуьнца цхьаьна къобалдарна леринчу тускарна
чуьра бепиг даа, суна тІедиллина ма-хиллара:
„АхІарона а, цуьнан кІенташа а даа деза иза“.
[32] Жижигах а, баьпках а бухайисина юьхкаш цІера
тІехь ягае. [33] ВорхІ дийнахь гуламан четарна
хьалхара дІа ма довла, шаьш даздаран денош
чекхдовллалц, хІунда аьлча шун даздар ворхІ
дийнахь дІадахьа деза. [34] Тахана кхочушдинарг
Везачу Эло тІедиллина дара, аша латийна къа
дІадаккхархьама. [35] Дийнахь а, буса а гуламан
четарна чуволлучохь Іийр ду шу ворхІ дийнахь,
Везачу Эло бохург а деш, шаьш хІаллак ца хилийта.
Иштта иза тІедиллина суна Везачу Эло». [36] АхІарона
а, цуьнан кІенташа а Везачу Эло Мусагахула
тІедиллинарг кхочушдира.

### АхІарона сагІа даккхар

9 БорхІалгІачу дийнахь АхІарон а, цуьнан
кІентий а, исраилхойн къаной а схьакхайкхира
Мусас. [2] Цо элира АхІароне: «Цхьа а сакхт доцу
старгІа а, ка а балабе Везачу Элана хьалха хІотто.
Старах къинан сагІа даккха, ткъа коьмах дийнаташ
дагоран сагІа даккха. [3] Исраилхошка ала: „Къинан
сагІа даккха бож а, дийнаташ дагоран сагІа даккха
цхьа а сакхт доцу шо кхаьчна шинар а, оццул хан
йолу цхьа а сакхт доцу Іахар а балабе. [4] Везачу
Элана хьалха бертан сагІа даккхархьама, сту а, ка а
балабе, ткъа иштта даьттанца эдина кІен сагІа а
даккха, хІунда аьлча тахана шуна Веза Эла гучувер
ву“».
[5] Мусас да аьлла тІедиллинарг гуламан четарна
дуьххьал охьа а диллина, Везачу Элана хьалха
хІоьттира дерриг а халкъ. [6] Мусас элира: «Везачу
Эло тІедиллинарг дерриг а кхочушдан деза аш,
тІаккха Везачу Элан олаллин нур схьахІуттур ду
шуна». [7] †АхІароне Мусас элира: «СагІа доккхучу
кхерчана тІе а гІой, хьайна тІера къинан сагІа а
даккха, дийнаташ дагоран сагІа а кхочушде, ахьа а,
халкъо а летийна къинош дІадахархьама. Халкъо
деана совгІаташ схьаэца, наха летийна къинош
дІадахархьама, Везачу Эло тІе-ма-диллара».
[8] Кхерчана тІе а вахана, шена тІера, къинан
сагІина лерина, старана урс хьаькхира АхІарона.
[9] КІенташа цІий деара АхІароннна тІе, цу чохь шен
пІелг а башийна, кхерчан маІашна тІе хьаькхира
цо, ткъа дисина цІий кхерчан буьхе охьадоьттира.
[10] Къинан сагІанах йолу мохь а, жаннаш а, доІаха
тІера мохь а кхерча тІехь ягийра цо, Везачу Эло
Мусана тІе-ма-диллара, [11] ткъа жижиг а, неІ а цІера
тІехь дагийра, меттаматтал ара а даькккхина.
[12] Юха дийнаташ дагоран сагІина леринчу
бежанна урс хьаькхира АхІарона. Цуьнан кІенташа
цІий тІедеара цунна. Цо иза массо а агІор кхерчана
тІе туьйхира. [13] Дийнаташ дагоран сагІина урс
хьаькхначу бежанан дакъош а, корта а цара
цхьацца шена схьадеача, кхерча тІехь дагадора цо,
[14] ткъа чоконаш а, когаш а, била а билина, вукху
дакъошца кхерча тІехь багийра.
[15] Цул тІаьхьа АхІарона халкъан сагІа даькккхира.
Халкъана тІера долчу къинан сагІина лерина йолу
бож схьа а эцна, ен а йийна, и къинан сагІа Везачу
Элана даькккхира цо, хьалха шена тІера сагІа
даккхаре терра. [16] Дийнаташ дагоран сагІа а
даькккхира цо, Везачу Эло тІе-ма-диллара. [17] Иштта,
кІен сагІа а даькккхина, цунах цхьа кана а юьзна,
юха кхерча тІехь Іуьйранна даькккхинчу дийнаташ
дагоран сагІина тІехула иза дагийра цо. [18] ††Сту а, ка
а бийра цо, халкъана долчу бертан сагІина лерина.
Цуьнан кІенташа цІий тІедеара цунна. Цо иза
массо а агІор кхерчана тІетуьйхира. [19] КІенташа
схьаеара цунна стеран а, коьман а мохь: дума а,
чоконна тІера мохь а, жаннаш а, доІаха тІера мохь
а. [20] Цара мохь некхан жижигна тІе йиллича, цо
иза, схьа а эцна, кхерча тІехь ягийра. [21] Некхан
жижиг а, аьтту гІогІ а, Везачу Элана лерина
шатайпа сагІа санна даькккхира АхІарона, Мусас тІе-
ма-диллара.
[22] ‡Халкъехьа дІа а вирзина, айинчу куьйгашца
иза декъал а дина, чувоьссира АхІарон, къинан а,
дийнаташ дагоран а, бертан а сагІанаш а даьхна.
[23] ТІаккха Муса а, АхІарон а гуламан четарна
чувелира. Цигара араваьлча, халкъ декъалдира цу
шимма. Дерриг а халкъана Везачу Элан олаллин
нур гучуделира. [24] Везачу Элера схьайолучу цІеро
кхерча тІера дийнаташ дагоран сагІина дийна
бежана а, мохь а дІакхаьллира. И дерриге а гина
халкъ, инзардаларца маьхьарий а тоьхна, бертал
суждана дахара.

### Надабан а, АбихІун а къа.

10 АхІаронан кІенташа, Надаба а, АбихІус а,
хІораммо а богуш болу кІора дІасабахьа шен
ной схьа а эцна, цу чу цІе а, *хаза хьожа йогІу хІума*
а йиллира. Амма Цунна хьалха цара еана цІе хийра
яра, хІунда аьлча Везачу Эло царна тІе ца
диллинера иштттаниг дан. [2] ЦІеххьана Везачу Элера
цІе елира, ткъа оцу цІеро уьш дІакхаьллира. Иштта
и шиъ Везачу Элана хьалха велира. [3] Мусас элира
АхІароне: «ХІара дара Везачу Элана ала лууш
хилларг, Цо иштта аьлча:

† *9:7 Іебархошка 7:27.*

†† *9:18 Іамалъяр 3:1-11.* ‡ *9:22 Лелар 6:22-26.*

„Суна уллохь болчара
Со Веза хилар лара деза,
ткъа дерриг а халкъана хьалха
Сан сийлалла къобалдан деза“».
Амма АхІарон вист а ца хуьлура.
4 АхІаронан девешин Іузиалан шина кІанте,
Мишаале а, Элцапане а, схьа а кхайкхина, Мусас
элира: «Даха а гІой, шайн шичой Делан цІенна
чуьра меттаматтал арахьа дІахьо». 5 ДІа а вахана,
динан дайн духарш тІехь долу белларш
меттаматтал арахьа дІабаьхьира цу шиммо, Мусас
шайна тІе-ма-диллара.
6 АхІароне а, цуьнан шина кІанте, ЭлиІазаре а,
Итамаре а, Мусас элира: «Сингаттаман билгалонна
шайн коьртара месаш низам доцуш ма хилийта,
духарш а ма этІаде, шаьш ца далийта а, халкъана
тІе Делан оьгІазалла ца яийта а. Амма шун
вежарий долу дерриг а Исраилан халкъ Везачу Эло
латийначу цІеро багийначарна тийжа мегар ду.
7 Гуламан четарна чуволучунна уллора дІа ма
довла, шаьш хІаллак ца дайта, хІунда аьлча шуна
тІехь Везачу Элера долу вазваран даьтта ду». Мусас
ма-аллара, кхочушдира дерриг а.

## Динан дайшна лерина бакъонаш

8 Везачу Эло АхІароне элира: 9 «Гуламан четарна
чудоьлхуш чагІар а, вахош долу маларш а ма мала
ахьа а, хьан кІенташа а, шаьш хІаллак ца дайта.
Шун тІаьхьенна гуттаренна а тІедуьллуш ду иза,
10 шуьга дезаниг деза доцучух а, Далла хьалха
*цІенаниг* Цунна хьалха боьхачух а къастадайта а,
11 исраилхошна Везачу Эло Мусагахула довзийтина
мел долу парзаш хьехийта а».
12 †Мусас АхІароне а, цуьнан бисинчу кІенташка,
ЭлиІазаре а, Итамаре а, элира: «Везачу Элана цІера
тІехь даькххинчу кІен сагІанах дисинарг схьа а
эций, цунах дина совсаза бепиг сагІа доккхучу
кхерчана уллохь дІадаа, хІунда аьлча и сагІа чІогІа
деза ду. 13 Езачу меттехь даа и бепиг, хІунда аьлча
иза Везачу Элана цІера тІехь даьхначу сагІанех
хьан а, хьан кІентийн а дакъа ду. Иштта тІедиллина
суна Везачу Эло. 14 ††Шатайпа сагІа санна
даькххинчу некхан жижиг а, гІогІ а даа Далла
хьалха цІена йолчу меттехь ахьа а, хьан кІенташа
а, мехкарша а, хІунда аьлча иза хьуна а, хьан
берашна а делла исраилхойн бертан сагІанех долу
дакъа ду. 15 Ерриг а мохь цІера тІехь йоккхуш йолчу
хенахь цара гІогІ а, некхан жижиг а, шатайпа сагІа
санна, Везачу Элана даккха деза. И дакъош хьуна а,
хьан берашна а гуттаренна а лерина ду, Везачу Эло
тІе-ма-диллара».
16 Къинан сагІина лерина бож леррина лоьхуш
вара Муса. Юха цунна хиира иза хІинцале
ягийнийла! АхІаронан висинчу шина кІантана,
ЭлиІазарна а, Итамарна а, оьгІазвахара Муса:
17 ‡«Къинан сагІа езачу меттехь хІунда ца диира аш?
Иза чІогІа деза сагІа ду! Халкъан бехк а, церан
къинош а Везачу Элана хьалха дІадахархьама,
шуна делла ма дара иза. 18 Цуьнан цІий гуламан
четарна чу ца даьхьна дела, аш иза езачу меттехь
даа дезаш дара, суна тІедиллина ма-хиллара».
19 АхІарона элира Мусага: «Цара тахана къинан
сагІа а, дийнаташ дагоран сагІа а даькккхина Везачу
Элана хьалха. Суна хилларг хьуна хаьа. Ас тахана
къинан сагІа диъча, Веза Эла суна резахир вуй те?»
20 Иштта жоп хезча, Муса цунна резахилира.

## Хьаналчу а, хьарамчу а дийнатех лаьцна
(Карлабаькккхинарг 14:3-21)

11 Везачу Эло Мусага а, АхІароне а элира:
2 «ДІаала исраилхошка: „Декъачу лаьтта тІехь
дехаш долчу массо а дийнатех шуна даа мегаш
дерш хІорш ду: 3 кІоргга харш а долуш, шина декъе
екъаелла берг йолу а, нох доккхуш долу а муьлхха
а дийнат даа мегар ду. 4 Амма нох доккхуш долчу я
шина декъе екъаелла берг йолчу дийнатех хІорш
ма даалаш: эмкало нох даккхахь а, цуьнан бергаш
екъаелла яц. Иза шуна хьарам ю. 5 ГІамарпхьагал а
нох доккхуш ю, амма цуьнан когаш бекъабелла
бац. Иза шуна хьарам ю. 6 Пхьагал а ю нох
доккхуш, амма цуьнан когаш бекъабелла бац. Иза
шуна хьарам ю. 7 Хьакха кІорггера хоршаца шина
декъе екъаелла бергаш а йолуш ю, амма цо нох ца
доккху. Иза шуна хьарам ю. 8 Цу дийнатийн жижиг
а ма даа, церан чархех куьг а ма Іотта. Уьш шуна
хьарам ю.
9 Хи чохь а, хІорда чохь а долчу дийнатех кІеда а,
онда а пелагаш дерш даа мегар ду. 10 Ткъа пелагаш
доцурш, хи чохь а, хІорда чохь а Іаш а, нека деш а
дерш, шуна дегаза хета деза. 11 Уьш шуна хьарам
ду: церан жижиг а ма даа, церан чархаш а дегаза а
хета. 12 Хи чуьра пелагаш доцу массо а дийнаташ
шуна дегаза ду.
13 Олхазарех хІорш шуна хьарам а ю, яа мегаш а
яц: аьрзу а, ломъаьрзу а, боца ког болу аьрзу а,
14 маккхал а, шен тайпанашца леча а, 15 шен
тайпанашца муьлхха къиг а, 16 страус а, бухІа а,
чайка а, шен тайпанашца куьйра а, 17 соька а,
чІерийдохург а, ибис а, 18 бухІа а, пеликан а, сип а,
19 аист а, шен тайпанашца зуя ‡† а, хІуттут а,
бирдолаг а.
20 ТІемаш а долуш, лаьттахула текхаш йолу
сагалматаш дегаза ю шуна. 21 ТІемаш а долуш,
лаьттахула текхачу сагалматех цхьаерш яа мегаш
ю: лаьтта тІехула кхиссаяlarхьама, шайн когашна
тІехула настарш ерш ю уьш. 22 Царах аша даа мегар
ду: шен тайпанца цІоз а, ткъа иштта шайн
тайпанашца солІам а, хьаргол а цІераш йолу цІоз а,
шен тайпанашца цаьпцалг а. 23 Кхин муьлхха а
тІемаш долу а, лаьттахула текхаш йолу а сагалмат
шуна дегаза ю.

† 10:12, 13 Іамалъяр 6:14-18. †† 10:14, 15 Іамалъяр 7:30-34. ‡ 10:17 Іамалъяр 6:24-26.

‡† *Зуя *– иза чІерий лоьцургийн тайпанах долу олхазар хила тарло.**

24 ХIинца дуьйцур долчу дийнаташа шу Далла
хьалха боьха хуьлуьйтур ду. Церан чархех
дIахьакхавелларг сарралц Далла хьалха боьха хир
ву. 25 Церан чарх схьаэцнарг шен бедарш йитта
декхарийлахь ву, иза сарралц Далла хьалха боьха
хир ву. 26 Берг екъаелла а йолуш, амма цунна
юккъехь кIорга харш а доцу, нох доккхуш а доцу
дийнат шуна хьарам ду. Муьлхха а цунах
дIахьакхавелларг сарралц Далла хьалха боьха хир
ву. 27 Беа кога тIехь лелачу акхаройх тIодаш тIехь
леларш шуна хьарам ю. Муьлхха а церан чархах
дIахьакхавелларг сарралц Далла хьалха боьха хир
ву. 28 Церан чарх схьаэцначу муьлххачо а шен
бедарш йитта еза, ткъа иза сарралц Далла хьалха
боьха хир ву. И санна акхарой шуна хьарам ю.
29 Лаьттахула лелачу дийнатех шуна хьарам ю:
шайн тайпанашца боьлкъазар а, дахка а, моьлкъа
а, 30 ткъа иштта анака а, хамелеон а, летаа а, хомет
а, тиншемет а цIераш йолу моьлкъарчий а.
31 Лаьттахула лелачу дерриг а дийнатех уьш шуна
хьарам ю. Уьш елла йолуш, царах
дIахьакхавелларг сарралц Далла хьалха боьха хир
ву. 32 Нагахь санна царах цхьаъ, яла а елла, цхьана
хIуманна тIе йожахь, и хIума – дечиган пхьегIа а, я
бедар а, я тIаьрсиг а, я гали а иза делахь – Далла
хьалха боьха хир ю. Иза хи чу йилла еза. Сарралц
иза Далла хьалха боьха хир ю, ткъа цул тIаьхьа иза
цIена хир ю. 33 Цу дийнатех елла хIума кхийрачу
пхьегIи чу йожахь, цу чохь ерг Далла хьалха боьха
хир ю. И пхьегIа йохо еза. 34 И санначу пхьегIи
чуьра хица йина яа хIума шуна хьарам хир ю,
иштточу пхьегIи чуьра молу хIума а хьарам хир ю.
35 Церан чархах схьаяьлла тIейоьжна хIума а Далла
хьалха боьха хир ю: кхийра пеш я кхийра кхерч
бохо беза. Уьш Далла хьалха боьха хир бу, ткъа
уьш шуна хьалха а боьха хир бу. 36 Нагахь иза чохь
хи долу хьоста я гIу елахь, и Далла хьалха цIена
юьсу, ткъа деллачу оцу дийнатех дIахьакхавелларг
Далла хьалха боьха хир ву. 37 Деллачу дийнатах
схьаяьлла хIума тIейоьжна долу дIадоь хIу Далла
хьалха цIена дуьсу. 38 Ткъа шена тIехь хи долчу
хIуьнна тIе деллачу цу дийнатан цхьа хIума
йожахь, и хIу Далла хьалха боьха хир ду.
39 Аш дуучу дийнатех цхьаъ лахь, цунах
дIахьакхавелларг сарралц Далла хьалха боьха хир
ву. 40 Деллачу оцу дийнатан жижиг диънарг шен
бедарш йитта дезаш ву, иза сарралц Далла хьалха
боьха хир ву. Цу дийнатан чарх дIаяьхьнарг шен
бедарш йитта дезаш ву, иза сарралц Далла хьалха
боьха хир ву.
41 Муьлхха а лаьттахула текха дийнат шуна дегаза
ду, иза даа мегар дац аша. 42 Иза гай тIехь текхаш а,
я беа кога тIехь лелаш а, я дуккха а когаш болуш а
елахь – и дийнат ма яалаш, иза шуна дегаза ю.
43 Лаьттахула оцу текхаш йолчу дийнаташка шаьш
Далла хьалха дегаза ма дайта, уьш бахьана долуш
шаьш Далла хьалха боьха ма хилийта. 44 †ХIунда
аьлча Со шун Веза Дела ву. Суна хьалха шаьш
дIакъастаделаш, иштта цIена хилалаш, хIунда
аьлча Со а цIена ву. Лаьттахула текхачу боьхачу
хIуманашка шаьш бех ма дайта. 45 Шун Дела
хилархьама, шу Мисар-махкара арадаьхна Веза
Эла ву Со. ЦIена хилалаш, хIунда аьлча Со а ву
цIена.
46 Иштта ду бежанех а, олхазарех а, хи чохь
лелачу а, лаьттахула текхачу а дийнатех долу
тIедиллинарг, 47 Далла хьалха боьхачух *цIенаниг* а,
даа мегачу дийнатех даа ца мегарш дIакъасто
хаийтархьама билгалдаьккхина долу“».

## Бер динчу зудчух лаьцна тIедиллинарг

12 Везачу Эло Мусага элира: 2 «ДIаала
исраилхошка: „Нагахь зудчо кIант вахь, ворхI
дийнахь, шен зударийн цамгар хуьлучу деношкахь
санна, Далла хьалха цIена хир яц иза.
3 ††БорхIалгIачу дийнахь кIант хадо везаш ву. 4 Кхин
ткъе кхойтта де даьлча, кIант виначу цIийх Далла
хьалха цIена хир ю иза. Цу деношкахь цхьана а
езачу хIуманах дIахьакхаяла а, Делан четарна улло
ян а цунна могуьйтур дац, шен цIанъяларан денош
чекхдовллалц.
5 Нагахь зудчо йоI яхь, шина кIирнах Далла
хьалха цIена хир яц иза, зударийн цамгар хуьлучу
деношкахь санна. Кхузткъе ялх дийнахь Iан деза
цуьнан, йоI йинчу цIийх Далла хьалха ша
цIанъяллалц.
6 ЦIанъяларан денош чекхдевлча, шен кIантах я
йоIах дийнаташ дагоран сагIина шо кхаьчна Iахар
а, къинан сагIина кхокха я къоркхокха а гуламан
четарна чуволлучохь волчу динан дена бан беза
цо. 7 Везачу Элана хьалха сагIа а даьккхина, и зуда
цIанъяран Iадат кхочушдийр ду динан дас. ТIаккха
иза дIаихначу шен цIийх Далла хьалха цIена хир ю.
Иштта ду кIант я йоI йинчу зудчух долу
тIедиллинарг.
8 ‡Нагахь зудчун сагIина Iахар бало таро яцахь,
ши къоркхокха я ши кхокха бан мегар ду цо. Цхьаъ
дийнаташ дагоран сагIина, важа къинан сагIина
хир бу. Динан дас зуда цIанъяран Iадат
кхочушдийр ду, тIаккха иза Далла хьалха цIена хир
ю“».

## Чкъуран цамгар йолчу нахах лаьцна тIедиллинарг

13 Везачу Эло Мусага а, АхIароне а элира:
2 «Нагахь цхьаннан дегIа тIехь кхераме
*чкъуран цамгар* хила йиш йолу дестар я хьаьтт, я
томмагIа хилахь, иза динан дена АхIаронна я
*динан да* волчу цуьнан кIентех цхьанна тIе вало
веза. 3 Динан да дегIа тIехь долчу доIе хьожур ву.
ДоIа тIехь долу чоьш кIай а делла, даI чкъурал
кIоргга чудаханехь, иза кхераме чкъуран цамгар ю.
Цу стаге хьаьжначул тIаьхьа динан дас иза Далла
хьалха боьха хилар дIахоуьйтур ду. 4 Нагахь дегIа

† *11:44 Iамалъяр 19:2; 1 Кипин 1:16.*

†† *12:3 Доладалар 17:12; Лака 2:21.* ‡ *12:8 Лака 2:24.*

тIера томмагIа кIайн делахь, амма чкъурал
чудахана а дацахь, ткъа цунна тIера чоьш
кIайделла а дацахь, иштта стаг динан дас ворхI
денна нахах дIакъасто веза. 5 ВорхIалгIачу дийнахь
динан да цуьнга хьожур ву. ДаI, дегIа тIехула дIаса
а ца даьржаш, ша ма-дарра лаьтташ делахь, динан
дас кхин а ворхI денна нахах дIакъастор ву даI долу
стаг. 6 ВорхIалгIачу дийнахь динан да цуьнга юха а
хьожур ву. Нагахь даI, жимма бен хаалуш а доцуш,
дегIа тIехула дIаса ца даьржинехь, динан дас и стаг
Далла хьалха цIена хилар дIахоуьйтур ду. ДегIа
тIехь ерг хьаьтт ю, цу стага шен бедарш йитта еза,
тIаккха иза цIена хир ву. 7 Нагахь стаг динан дена
тIе ша Далла хьалха цIена хилар дIахаийта веанчул
тIаьхьа, хьаьтт дегIа тIехула дIасаяьржинехь,
цомгушниг юха а динан дена тIеван веза. 8 Хьаьтт
дегIа тIехула дIасаяьржаш юйла а гина, динан дас и
стаг Далла хьалха цIена цахилар дIахоуьйтур ду.
Иза кхераме чкъуран цамгар ю.
9 Нагахь цхьаннан дегIа тIехь кхераме чкъуран
цамгар елахь, иза динан дена тIевало веза.
10 Динан дас иза толлур ву. Нагахь дегIа тIера
йистина меттиг кIайн елахь, ткъа дестаро чоьш
кIайдинехь, ткъа дестар долчохь гуш жижиг а
делахь, 11 иза дIа ца йоьрзу чкъуран цамгар ю.
Динан дас, и стаг Далла хьалха цIена цахилар дIа а
кхайкхийна, цомгушниг нахах дIакъасто ца веза,
хIунда аьлча иза, массарна а гуш, цIена вац.
12 Нагахь чкъуран цамгар коьрта тIера когашка
кхаччалц цомгушчун дегIа тIехула дIасаяржахь,
динан ден бIаьргаша схьалоццучул, 13 динан дас
иза леррина толлур ву. Стеган дегI дерриг а
цамгаро дIалаьцна хилар динан дена хиъча, цо
цомгушниг Далла хьалха цIена ву эр ду. ХIунда
аьлча цомгушчун дегI кIайн ду – иза цIена ву.
14 Ткъа цуьнан дегIа тIехь жижиг гучудалахь, иза
цIена хир вац. 15 Талла а теллина, жижиг гича,
динан дас и стаг Далла хьалха цIена цахилар
дIакхайкхор ду. Гуш долу жижиг цIена дац. Иза
кхераме чкъуран цамгар ю. 16 Нагахь гуш долу
жижиг, хийца а делла, кIайлахь, цомгушниг динан
да волчу ван веза. 17 Динан дас, дегIе а хьаьжна, даI
кIайделла хилахь, и стаг Далла хьалха цIена хилар
дIакхайкхор ду.
18 Нагахь цхьаннан дегIа тIехь сурх а яьлла, иза
дIайирзинехь, 19 ткъа иза хиллачохь кIайчу басахь
дестар я цIегIо-кIайн томмагIа делахь, иза динан
дена тIеван веза. 20 ДаI долчу метте а хьаьжна, иза
чкъурана чудахна а делахь, цунна тIера чоьш кIай
а деллехь, динан дас и стаг Далла хьалха цIена
цахилар дIакхайкхор ду. Иза кхераме чкъуран
цамгаран даI ду, сурх яьллачу меттехь даьлла долу.
21 Нагахь доIа тIера чоьш кIайделла а дацахь, иза,
чкъурана чудахна а доцуш, жимма бен гуш дацахь,
динан дас цомгушниг ворхI денна нахах дIакъастор
ву. 22 Нагахь даьIнаш дегIа тIехула чIогIа
дIасадаржахь, динан дас цомгушниг Далла хьалха
цIена цахилар дIакхайкхор ду. Иза кхераме цамгар
ю. 23 Нагахь томмагIа, дIаса а ца даьржаш, цхьана
меттехь дисахь, иза дегIа тIе яьлла хIума юзуш
хилар ду. Динан дас и стаг Далла хьалха цIена
хилар дIакхайкхор ду.
24 Нагахь цхьаннан чкъура тIехь вагийна меттиг
хилахь, юха, иза дIайирзича, цигахь долчу жижиг
тIехь цIегIо-кIайн томмагIа а хилахь, 25 цу
томмагIана тIера чоьш кIай а деллехь, ткъа иза ша
чкъурана чудахна а делахь, иза кхераме чкъуран
цамгар ю, ягийначу меттигна тIехь хилла. Динан
дас Далла хьалха и стаг цIена цахилар дIакхайкхор
ду. Цунна ерг кхераме чкъуран цамгар ю. 26 Нагахь
томмагIана тIера чоьш кIайделла а дацахь, иза,
чкъурана чудахна а доцуш, жимма бен гуш а
дацахь, динан дас цомгушниг ворхI денна нахах
дIакъастор ву. 27 ВорхIалгIачу дийнахь динан да
хьожур ву цу стаге. Нагахь даьIнаш дегIа тIехула
дIасадаьржаш делахь, динан дас цомгушниг Далла
хьалха цIена цахилар дIакхайкхор ду. Цунна ерг
кхераме чкъуран цамгар ю. 28 Нагахь томмагIа,
дегIа тIехула дIаса а ца даьржаш, цхьана меттехь
делахь, жимма бен гуш а доцуш, иза ягийначу
меттехь долу дестар ду. Динан дас и стаг Далла
хьалха цIена хилар дIакхайкхор ду, хIунда аьлча
цунна дерг вагийча дисина дестар ду.
29 Нагахь стеган я зудчун коьрта тIехь я чIенгана
тIехь даI хилахь, 30 динан да цамгаре хьожур ву. ДаI
чкъурана чудахна а долуш, цу тIера чоьш
мажделла а, дуткъий а делахь, динан дас и адамаш
Далла хьалха цIена цахилар дIакхайкхор ду. Иза
чераш долу кхераме чкъуран цамгар ю, коьрта
тIехь я чIенгана тIехь йолу. 31 Цу цамгаран доIе а
хьаьжна, иза чкъурана чудахна а дацахь, цунна
тIера чоьш Iаьржа а дацахь, динан дас чераш долу
цамгар ерг ворхI денна нахах дIакъастор ву.
32 ВорхIалгIачу дийнахь доIе а хьаьжна, нагахь
чераш дIаса а ца даьржинехь, доIа тIехь мажделла
чоьш а дацахь, ткъа даI чкъурана чудахна а
дацахь, 33 цомгушчун месаш дIаларга еза. Амма даI
долу меттиг Iадйита еза. Динан дас шолгIа а
дIакъасто веза цомгушниг ворхI денна.
34 ВорхIалгIачу дийнахь динан да стаге хьожур ву.
Нагахь даI дегIа тIехула дIаса а ца даьржинехь,
чкъурана чу а ца даханехь, динан дас цомгушниг
Далла хьалха цIена хилар дIакхайкхор ду. Шен
бедарш йиттича, и стаг цIена хир ву. 35 Нагахь
стагана, ша Далла хьалха цIена хилар
дIакхайкхийначул тIаьхьа, чераш дегIа тIехула
дIасадаржахь, 36 динан дас иза толлур ву. Нагахь
санна даI чкъурана чу даханехь, доIа тIехь
мажделла чоьш леха ца оьшу. Цомгушниг цIена
вац. 37 Нагахь даI ша ма-дарра а долуш, цу тIехь
Iаьржа чоьш гучудевллехь, цамгар дIаяьлла, стаг
цIена ву. Динан дас иза Далла хьалха цIена хилар
дIакхайкхор ду.
38 Нагахь стеган я зудчун дегIа тIехь кIайн
томмагIаш хилахь, 39 динан дена церан догIмаш
тIехь кIайн-мокха томмагIаш гахь, иза дегIа тIе

яьлла хьаьтт ю. Иштта долу адам Далла хьалха
цІена ду.
40 Нагахь цхьаннан коьрта тІера месаш
дІаевллехь, иза череш долуш ву. И стаг Далла
хьалха цІена ву. 41 Нагахь стеган коьрта тІера
хьалхара агІор месаш дІаевллехь, и стаг кІунзал
болуш ву. И стаг Далла хьалха цІена ву 42 Нагахь
череш я кІунзал болчу коьрта тІехь цІегІо-кІайн
томмагІа хилахь, коьрта тІехь ерг кхераме чкъуран
цамгар ю 43 Динан да цомгушчуьнга хьожур ву.
Нагахь цунна череш я кІунзал болчу коьрта тІера
цІегІо-кІайчу даІан дестар дегІа тІехь хуьлучу
чкъуран кхерамечу цамгаран доІах тера хилар
гахь, 44 цомгушниг чкъуран цамгар йолуш ву, иза
цІена вац. Динан дас и стаг Далла хьалха цІена
цахилар дІакхайкхо деза, стеган коьрта тІехь даІ ду
аьлла.
45 Кхераме чкъуран цамгар йолу стаг, тІера
бедарш этІийна а йолуш, коьртара месаш
низамехь а йоцуш, хила веза. Бета тІе кхаччалц,
коьртан лахе хьулйина хила еза цуьнан „ЦІена вац!
ЦІена вац!“ – бохуш, мохь бетта веза цо. 46 Ерриг а
хенахь, цунна тІехь цамгар мел ю, иза цІена вац.
Иза дІакъаьстина Іан веза».

### Бедаршна тІехь хуьлучу доІан томмагІех лаьцна

47 «Нагахь бедарна тІехь доІан томмагІа хилахь, –
тІергІан я ветанан бедарна, 48 я кІадина тІехь, я
тІаьрсигана тІехь, я тІаьрсигах йинчу хІуманна
тІехь иза делахь, – 49 ткъа цу тІехь долу и томмагІа
баьццарчу я цІечу басахь хилахь, иза кхерамечу
доІан томмагІа ду ала мегар ду. Иза динан дена
гайта деза. 50 Динан дас, даІан томмагІе а хьаьжна,
бехйина хІума ворхІ денна дІакъастор ю
51 ВорхІалгІачу дийнахь динан да юха а хьожур ву
цу хІумане. Нагахь даІан томмагІа бедарна тІехь, я
тІергІан я ветанан кІади тІехь, я тІаьрсига тІехь –
цуьнан Іалашо мухха елахь а – дІасадаьржинехь,
иза кхерамечу доІан томмагІа ду. И хІума цІена яц.
52 Динан дас шена тІехь томмагІа йолу и бедар, я
тІергІан я ветанан долу кІади, я тІаьрсигах йина
хІума яго еза, хІунда аьлча цунна тІехь долу доІан
томмагІа кхераме ду. И хІума цІера тІехь яго еза.
53 Нагахь динан дена доІан томмагІа бедарна
тІехула а, я кІадина тІехула а, я тІаьрсиган хІуманна
тІехула а дІаса ца даьржинийла гахь, 54 цо доІан
томмагІа тІехь долу бедар юьттуьйтур ю, юха и
хІума шолгІа а дІакъастор ю ворхІ денна.
55 Бехйина бедар йиттинчул тІаьхьа, цо юха а
толлур ю иза. Нагахь динан дена бедар тІехь долу
доІан томмагІа я хийцаделла а, я дІасадаьржина а
цахилар гахь, иза цІена яц. Иза яго еза – доІан
томмагІа бедаран тІехуларчу я бухаларчу агІонна
тІехь делахь а. 56 Нагахь динан дас теллича,
йиттинчу бедар тІера доІан томмагІа жимма а бен
цунна къаьсташ ца хилахь, томмагІа долу дакъа цо
бедарна, я тІаьрсигана, я кІадина тІера схьадаккха
деза. 57 Нагахь доІан томмагІа юха а бедарна я
кІадина, я муьлххачу а тІаьрсиган хІуманна тІехь
гучудалахь, иза дІасадаьржаш долу доІан томмагІа
ду. Шена тІехь доІан томмагІа мел долу бедар яго
еза. 58 Нагахь бедар я кІади, я муьлхха а тІаьрсиган
хІума йиттича, цунна тІера доІан томмагІа
лаьттина меттиг цІанлахь, и хІума кхин цкъа а
йитта еза, тІаккха иза цІена хир ю».
59 Иштта ду, тІергІан я ветанан бедарна я кІадина
тІе, я муьлххачу тІаьрсиган хІуманна тІе доІан
томмагІа даьлча, иза цІена я боьха хиларх долу
тІедиллинарг.

### Тобелларш Далла хьалха цІанбарх лаьцна

14 Везачу Эло Мусага элира: 2 †«Чкъуран
кхераме цамгар йолу стаг товелча хиларх
долу тІедиллинарг иштта ду. Стаг Далла хьалха
цІанван везачу хенахь иза динан дена тІевалор ву,
3 ткъа *динан да* меттаматтал арахьа вер ву. Нагахь,
талла а теллина, чкъуран кхераме цамгар йолу стаг
товалар цунна гахь, 4 динан дас омра лур ду,
цІанвеш волчу стагана лерина хьанал дийна ши
олхазар а, баганан дечиг а, цІен тай а, ярийн курс а
схьаэца аьлла. 5 Кхийрачу пхьегІи тІе а лаьцна,
шовданан хина тІехула цхьана олхазарна урс
хьокхуьйтур ду динан дас. 6 Дийна долу олхазар а,
баганан дечиг а, цІен тай а, ярийн курс а схьа а
эцна, уьш шовданан хина тІехула урс хьаькхначу
олхазаран цІийна чу Іуттур ду динан дас. 7 Юха
цамгарх цІанвечу стагана тІе ворхІазза цІийн
тІадамаш тухур ду цо. Цул тІаьхьа, стаг Далла
хьалха цІена ву аьлла дІа а кхайкхийна, дийна долу
олхазар эрна ара дІахоьцур ду динан дас. 8 Шен
бедарш а йиттина, месаш а лергина, хица
цІанвеллачул тІаьхьа, и стаг Далла хьалха цІена
хир ву. *Меттамотт* болчу схьа а веана, шен четарна
арахьа ворхІ де доккхур ду цо. 9 ВорхІалгІачу
дийнахь ерриг а шен месаш дІайошур ю цо: корта
а, маж а, цІоцкъамаш а, ерриг а кхийолу месаш а.
Хица бедарш а йиттина, лийчинчул тІаьхьа Далла
хьалха цІена хир ву иза.
10 БорхІалгІачу дийнахь цхьа шо кхаьчна, айп
доцу ши Іахар схьаоьцур бу цу стага. Цул сов, цхьа
шо кхаьчна, айп доцу стен Іахар а, цхьа сахь
зайтдаьтта тоьхна долу кІен дама а кІен сагІина
лерина а, ши кад зайтдаьтта а дан деза цо. 11 Стаг
цІанвеш волчу динан дас цо деанчу совгІаташца
гуламан четаран неІ йолчохь Везачу Элана хьалха
хІоттор ву иза. 12 Цхьа Іахар а, цуьнца ши кад
даьтта а, гІуда такхаран сагІа санна доккхур ду
динан дас. Шатайпа сагІа санна цо уьш Везачу
Элана хьалха хьалаойур ду. 13 Къинан сагІина а,
дийнаташ дагочу сагІина а дийнат дуьйчу езачу
меттехь Іахарна урс хьокхур ду, хІунда аьлча,
къинан сагІа санна, къера хиларан долу хІара сагІа
динан ден ду. Иза чІогІа деза сагІа ду. 14 ГІуда
такхаран сагІина бийначу Іахаран цІий,
цхьажимма схьа а эцна, цІанвечу стеган аьтту

† 14:2 *Маттай 8:4; Марк 1:44; Лака 5:14; 17:14.*

лерган дуьме а, аьтту куьйган нана-пIелга тIе а,
аьтту коган нана-пIелга тIе а хьокхур ду динан дас.
[15] Кеда чуьра цхьажимма даьтта шен аьрру
кераюкъа дуттур ду цо. [16] Шен аьрру куьйгара
даьттана чу а Iоьттина, аьтту куьйган пIелгаца
ворхIазза Везачу Элана хьалха даьттанан цинцаш
дIаккхуьссур ду динан дас. [17] Куьйга тIехь дисна
даьтта цIанвечу стеган аьтту лерган дуьме а, аьтту
куьйган а, аьтту коган а нана-пIелга тIе а хьокхур
ду цо. И меттигаш хьалха динан дас гIуда такхаран
сагIина бийначу Iахаран цIий хьаькхна ю.
[18] Кераюккъехь дисна даьтта цIанвечу стеган
коьрта тIе хьокхур ду цо, тIаккха и стаг Везачу
Элана хьалха цIанваран Iадат кхочушдийр ду
динан дас.
[19] Къинан сагIа а даьккхина, цамгарх товина стаг
цIанваран Iадат кхочушдийр ду динан дас. Цул
тIаьхьа дийнаташ дагоран сагIина дийнат дуьйр ду
цо. [20] Дийнат а, кIен сагIа а кхерча тIе дуьллур ду
цо. Иштта динан дас цIанваран Iадат кхочушдийр
ду, тIаккха и стаг Далла хьалха цIена хир ву.
[21] Нагахь и стаг къен а велахь, цуьнан таро а
яцахь, ша цIанвархьама гIуда такхаран сагIина
цхьа Iахар бало беза цо. Цу Iахаран жижиг Везачу
Элана хьалха хьалаайа деза, шатайпа сагIа санна.
Цул сов, цу стага, кIен сагIина лерина, бархI кад
зайтдаьттанца эдина кIен дама а, ши кад
зайтдаьтта а, [22] ши къоркхокха я ши къона кхокха,
шега эцалуш берг бан беза. Цхьа кхокха къинан
сагIина, важа дийнаташ дагоран сагIина лерина
хила беза. [23] Ша цIанлучу борхIалгIачу дийнахь,
Везачу Элана хьалха, гуламан четаран неIарна
улло а еана, динан дега дIаяла еза цо и хIуманаш.
[24] ГIуда такхаран сагIина беана Iахар а, даьтта чохь
долу ши кад а, хьала а ойуш, Везачу Элана хьалха
шатайпа сагIа санна боккхур бу динан дас. [25] Iахар
гIуда такхаран сагIина лерина бен а бийна, цуьнан
цIий цIанвечу стеган аьтту лерган дуьме, аьтту
куьйган а, аьтту коган а нана-пIелгана тIе а хьокхур
ду динан дас. [26] Шен аьрру куьйган кераюккъе
цхьажимма даьтта дуттур ду цо, [27] юха, аьрру
куьйга тIера цу даьттана чохь аьтту куьйган пIелг а
башийна, даьттанан цинцаш ворхIазза Везачу
Элана хьалха тосур ду. [28] Хьалха ша цIий
хьаькхначу меттигашка: аьтту лерган дуьме а,
аьтту куьйган а, аьтту коган а нана-пIелгана тIе а
шен карара цхьажимма даьтта хьокхур ду динан
дас. [29] Дисина даьтта цIанвечу стеган коьрта тIе
хьокхур ду цо, Везачу Элана хьалха иза цIанваран
Iадат кхочушдархьама. [30] ЦIанлуш волчу стага, шен
тароне хьаьжжина, беана цхьа къоркхокха я къона
кхокха бен беза динан дас. [31] Царах цхьа олхазар
къинан сагIина а, важа кIен сагIанца дийнаташ
дагоран сагIина а лерина, бен беза цо. Иштта
цамгарх товина стаг Везачу Элана хьалха
цIанваран Iадат кхочушдийр ду динан дас. [32] Иштта
ду ша цIанваран Iадат кхочушдечу хенахь сагIина
дан дезачунна таро йоцучу *чкъуран цамгар*
кхеттачу стагах долу тIедиллинарг».

### ЦIенош тIехь хуьлучу доIан томмагIех лаьцна

[33] Везачу Эло Мусага а, АхIароне а элира:
[34] «Нагахь, Ас шуна луш долчу канаIанхойн лаьтта
тIе шу девлча, шун долахь долчу лаьтта тIера
цхьана цIенна доIан томмагIаш Аса кхетийтахь, [35] и
цIа долчо, динан дена тIе а вахана, ала деза: „Сан
цIенна тIехь томмагIаш гучудевлла, ткъа уьш доIан
томмагIех тера ду“. [36] ЦIийне хьажа ша чувалале,
иза дассаде эр ду динан дас, цу чохь дерг боьха ца
хилийта. Цул тIаьхьа иза, талла а толлуш, цIийне
хьожур ву. [37] Нагахь цунна, томмагIашка хьаьжча,
кIоргга чудахна а долуш, пена тIехула баьццарчу я
цIечу басахь уьш хилар гахь, [38] цIа чуьра ара а
ваьлла, ворхI денна иза дIакъовлур ду динан дас.
[39] ВорхIалгIачу дийнахь ша юхавеача, томмагIаш
дерриг а пенашна тIехула дIасадаьржина хилар
динан дена гахь, [40] томмагIаш тIехь долу тIулгаш,
схьа а дахийтина, гIалел арахьа, боьхачу метте
дIаккхуьссуьйтур ду цо. [41] ЦIа чуьра пенаш тIера
хьахарш, охьа а дахийтина, гIалел арахьа, боьхачу
метте дIаккхуьссуьйтур ду. [42] ДIадаьхначеран метта
кхин тIулгаш дIахIиттор ду, керла хьахар а дина,
пенаш юхахьохур ду.
[43] Нагахь, тIулгаш а, хьахарш а хийцинчул
тIаьхьа, томмагIаш, юха гучу а девлла,
дIасадаьржаш хилахь, [44] динан дас кхин цкъа а цIа
толлур ду. Нагахь томмагIаш пенашна тIехула
дIасадаьржинехь, уьш кхераме доIан томмагIаш ду,
цIа цIена дац. [45] И цIа доха а дина, цуьнан тIулгаш
а, дечигаш а, хьахарш а гIалел арахьа, боьхачу
метте дIаккхисса еза. [46] Нагахь цхьаъ и цIа къевлина
долчу хенахь цу чу гIахь, иза сарралц Далла хьалха
цIена хир вац. [47] Цу цIа чохь дIавижначо я хIума
йиинчо шен бедарш йитта еза, ткъа иза сарралц
Далла хьалха цIена хир вац. Цу чохь хIума йиинчо
а шен бедарш йитта еза, иза а сарралц цIена хир
вац.
[48] Нагахь динан да веача, пенаш хьаьхначул
тIаьхьа томмагIаш дIасадаьржина цахилар цунна,
теллинчул тIаьхьа гахь, цо цIа Далла хьалха цIена
хилар дIакхайкхор ду, хIунда аьлча томмагIаш
дIадевлла. [49] И цIа цIандархьама, ши олхазар а,
баганан дечиг а, цIен тай а, ярийн курс а схьаоьцур
ю динан дас. [50] Кхийра пхьегIи тIе а лаьцна,
шовданан хи тIехула цхьана олхазарна урс хьоккхур
ду цо. [51] Баганан дечиг а, ярийн курс а, цIен тай а,
дийна долу олхазар а схьа а эцна, уьш шовданан
хи тIехула урс хьаькхначу олхазаран цIийна чу а
Iоьттина, цIенна тIе ворхIазза цинцаш тухур ду
динан дас. [52] Олхазаран цIийца, дийначу хица а,
дийначу олхазарца а, баганан дечигаца а, ярийн
курсаца а, цIечу тайца а цIа цIандийр ду цо.
[53] Дийна долу олхазар гIалел арахь, эрна
аренгахула, дIахоьцур ду. Иштта цIа цIандаран

Іадат кхочушдийр ду цо, тІаккха иза Далла хьалха цІена хир ду.

54 Иштта ду чкъуран муьлххачу цамгарх а, череш долчу цамгарх а, 55 бедарш тІехь а, цІийна тІехь а хуьлучу доІан томмагІех а, дегІа тІехь долчу дестарх а, хьаьттарех а, томмагІех а долу тІедиллинарг, 56 кхеттарг боьха а, цІена а хуьлу хан къасторхьама. Иштта ду цу тайпана йолчу цамгарех я томмагІех долу тІедиллинарг».

### ДегІах доьзначу цІена цахиларх лаьцна

15 Везачу Эло Мусага а, АхІароне а элира: 2 «ДІаала исраилхошка: „Нагахь стеган бехкечу меттера схьакъаьсташ тІуналла хилахь, и тІуналла цІена яц. 3 Ткъа стаг цІена вац, цунах схьакъаьсташ йолу тІуналла бахьана долуш – тІуналла схьайолуш елахь а, стеган дегІаца иза юьсуш елахь а. 4 И стаг тІевуьжуш болу муьлхха а мотт а, иза тІехиъна йолу муьлхха хІума а боьха хир ю. 5 Иза дІавуьжучу маттах дІахьакхавелларг, шен бедарш а йиттина, хица лийча веза. Сарралц цІена хир вац иза. 6 Нагахь дегІах тІуналла схьайолуш волу стаг тІехиъначу хІуманна тІе цхьаъ хаахь, шен бедарш а йиттина, лийча веза иза. Сарралц цІена хир вац иштта стаг. 7 ТІуналла схьайолучун дегІах хьакхавелларг, шен бедарш а йиттина, лийча веза. Сарралц цІена хир вац иза. 8 ДегІах тІуналла схьайолучо цхьанна тІе шат тохахь, бехвинарг, шен бедарш а йиттина, лийча веза. Сарралц цІена хир вац иза. 9 ДегІах тІуналла схьайолуш верг тІехь лелаш йолу муьлхха а нуьйр цІена яц. 10 Цу стагана бухахь хиллачу хІуманах дІахьакхавелларг сарралц цІена хир вац. И хІума карахь дІаяьхьнарг а, шен бедарш а йиттина, лийча веза. Сарралц цІена хир вац иза. 11 ДегІах тІуналла схьайолург, куьйгаш дилина а доцуш, цхьаннах дІахьакхалахь, иза шех хьакхавелларг, шен бедарш а йиттина, лийча веза. Сарралц цІена хир вац иза. 12 Шех тІуналла схьайолург дІахьакхавелла кхийра пхьегІа йохо еза, ткъа дечигах йина пхьегІа хица йила еза.

13 ДегІах схьакъаьсташ йолу тІуналла сецча, ворхІ дийнахь Іан веза и стаг, Далла хьалха цІена хилархьама. Цул тІаьхьа, шен бедарш а йиттина, шовданан хица шен дегІ дила деза цо, тІаккха иза цІена хир ву. 14 БорхІалгІачу дийнахь ши къоркхокха я ши къона кхокха схьа а эцна, Везачу Элана хьалха гуламан четаран неІаре а веана, ши олхазар динан дега дІадала деза цо. 15 Цхьана олхазарх къинан сагІа а, вукхунах дийнаташ дагоран сагІа а даьккхина, динан дас Везачу Элана хьалха стаг цІанваран Іадат кхочушдийр ду.

16 Нагахь стагах боьршачу нехан хуьлу тІуналла схьакъастахь, цо хица дерриг а шен дегІ дила деза. Сарралц цІена хир вац иза. 17 И тІуналла тІеккхетта муьлхха бедар а, чкъор а хица дила деза, сарралц цІена хир дац уьш. 18 Нагахь стаг зудчуьнца дІавижча, цунах тІуналла схьакъастахь, стаг а, зуда а хица лийча деза. Сарралц цІена хир дац и шиъ.

19 Нагахь, шайна хуьлучу цамгарца доьзна, зуда дегІах цІий дІакъаьсташ елахь, ворхІ дийнахь иза цІена хир яц. Муьлхха а цунах дІахьакхавелларг сарралц цІена хир вац. 20 Ша цІена цахиларан деношкахь и зуда тІейижна а, тІехиъна а йолу хІума цІена яц. 21 Иза дІаюьжучу маттах хьакхавелларг, шен бедарш а йиттина, лийча веза. Сарралц цІена хир вац иза. 22 И зуда тІехиъна Іийначу хІуманах хьакхавелларг, шен бедарш а йиттина, лийча веза. Сарралц цІена хир вац иза. 23 Иза дІайижначу маттера я хиъна Іийначуьра цхьана хІуманах хьакхавелларг сарралц цІена хир вац. 24 Нагахь цІий догІучу хенахь цу зудчуьнца майра дІавижахь, иза ворхІ дийнахь цІена хир вац. И тІевижна муьлхха а мотт цІена хир бац.

25 Нагахь зудчун цІий дІаэхар, баттахь хуьлу цІена цахиларан хенахь а доцуш, кхечу деношкахь хилахь, я гуттар а хуьлучу хенал сов дахлахь, дерриг а цу деношкахь иза цІена хир яц, баттахь хуьлучу цІена цахиларан хенахь санна. 26 Зудчунна цІий догІучу хенахь иза тІейижна муьлхха а мотт, иза тІехиъна муьлхха а хІума цІена хир яц, баттахь цІена ца хиларан хенахь тІейижна мотт санна. 27 Цу хІуманех дІахьакхавелларг цІена хир вац, шен бедарш а йиттина, лийча веза иза. Сарралц цІена хир вац иза. 28 ЦІий дІаэхар сецча, зудчо ворхІ дийнахь собар дан деза. Цул тІаьхьа иза цІена хир ю. 29 БорхІалгІачу дийнахь ши къоркхокха я ши къона кхокха, гуламан четаран неІаре схьа а беана, динан дега дІабала беза цо. 30 Олхазарех цхьаннах къинан сагІа, вукхунах дийнаташ дагоран сагІа доккхур ду динан дас. Иштта Везачу Элана хьалха и зуда цІанъяран Іадат кхочушдийр ду цо.

31 Иштта шаьш боьха хуьлуьйтучу хІуманех исраилхой къостуьйтур бу ахь, царна юкъахь долу Сан цІа сийсаз а деш, шайн боьхачу хІуманашца уьш ца балийта.

32 Иштта ду дегІах тІуналла схьакъаьстачех долу тІедиллинарг: стаг цІена ца хуьлуьйтуш йолчу боьршачу нехан тІуналлех а, 33 цІий дІаоьхучу зударех а, тІуналла дегІах схьакъаьстачу стагах а, зудчух а, цІена йоцучу зудчуьнца дІавижначу майрачух а долу тІедиллинарг“».

### Къинош дІададахаран де

16 Хийра цІе а яхьаш, Везачу Элана хьалха веана АхІаронан ши кІант велча, Везачу Эло Мусаца къамел дира. 2 †Везачу Эло Мусага элира: «Хьайн вешига АхІароне дІаала, шена дага мел деанчу хенахь Делан четаран кирхьанна тІехьа йолчу уггар езачу меттиге ма гІо. Цигахь лаьттачу бартбаран тІорказан негІарна хьалха иза веача, АхІарон вала мега, хІунда аьлча къинош дІададахаран негІарна тІехула йолчу мархина юккъехь Со гучуволу.

† *16:2 Іебархошка 6:19.*

[3] †Делан четаран уггар езачу чоьнна чувале,
къинан сагIина старгIа а, дийнаташ дагоран
сагIина ка а бан беза АхIарона.
[4] Дуткъачу кIадих йина еза коч тIеюха еза цо тIе,
дуткъачу кIадих йина чухула юху хIума а, доьхка а,
чалба а хила еза цунна тIехь. Уьш деза духарш ду,
шен дегI хица дила а дилина, юха еза цо уьш тIе.
[5] Исраилхойн халкъана тIера къинан сагIина
лерина ши бож а, дийнаташ дагоран сагIина
лерина ка а схьаэца беза АхIарона. [6] Шена тIера
къинан сагIина лерина старгIа а йийна, ша а, шен
цIийно а летийна къинош дIадохур ду цо. [7] Ши бож,
схьа а ялийна, Везачу Элана хьалха гуламан
четаран неIарехь дIахIоттор ю цо. [8] Юха АхIарона
шина божана кхаж тосур бу: цхьа кхаж Везачу
Элана лерина, ткъа важа Iазизалина †† лерина.
[9] Везачу Элана лерина кхаж баьлла бож, схьа а
ялийна, къинан сагIа санна йоккхур ю АхIарона.
[10] ДIахецаран кхаж баьлла дийна йолу бож Везачу
Элана хьалха хIоттор ю. Цул тIаьхьа и бож яьссачу
ара, Iазизал долчу, дIахоьцур ю, халкъан къинош
дIадахархьама.
[11] АхIарона шена тIера къинан сагIина лерина
старгIа ялор ю, ша а, шен цIийно а летийна
къинош дIадахархьама. Шена тIера къинан сагIина
лерина старгIина урс хьоккхур ду цо. [12] Везачу Элана
хьалха болчу сагIа доккхучу кхерча тIера богуш
болчу кIоранах юьззина ной а, ши кана юьззина
кегийра аьтта долу хаза хьожа йогIу сегIаз а, схьа а
эцна, кирхьанна тIехьа йолчу уггар езачу чоьнна
чухьур ду АхIарона. [13] Везачу Элана хьалха йогучу
цIера тIе дуьллур ду цо хаза хьожа йогIу сегIаз.
СегIазан кIуьро тоьшаллин тIорказан къинош
дIадахаран негIар дIахьулдийр ду, АхIарон, иза ган
а гина, ца валийтархьама. [14] Юха старгIин цIий,
шен пIелгаца цхьажимма схьа а эцна, негIарна тIе
а, ворхIазза цунна хьалха а тухур ду цо.
[15] ‡Къинан сагIина халкъана тIера бож юьйр ю цо,
тIаккха цуьнан цIий а, старгIин цIий санна,
кирхьанна тIехьа йолчу уггар езачу чоьне а
даьхьна, негIарна тIе а, ворхIазза бартбаран
тIорказна хьалха а тухур ду цо. [16] Исраилхойн боьха
гIуллакхаш а, зуламаш а, къинош а цо иштта
дIадохур ду уггар езачу чоьнна тIера. Изза цо дан
деза гуламан четарца а, хIунда аьлча иза
меттаматтана юкъахь лаьтташ ду, ткъа и *меттамотт*
Далла хьалха цIена бац. [17] АхIарон, уггар езачу
чоьнна чу къинош дIадаха а вахана, араваллалц,
цхьа а стаг гуламан четарна чохь хила мегар дац.
Иштта ша а, шен цIийно а, дерриг а исраилхойн
халкъо а летийна къинош дIа а даьхна, [18] Везачу
Элана хьалха болчу сагIа доккхучу кхерчана тIе а
вахана, иза цIанбан беза цо. СтаргIин а, божан а
цIий цхьажимма кхерчан массо а маIана тIе
хьоккхур ду цо. [19] Шен пIелга тIера ворхIазза кхерча
тIе цхьажимма цIий а тоьхна, иза цIанбийр бу цо,
исраилхой цIена цахиларх базбийр бу и кхерч».

## ДIахоьцуш йолу бож

[20] «Уггар еза чоь а, гуламан четар а, *сагIа доккху
кхерч* а, цIан а бина, дийна бож схьаялор ю
АхIарона. [21] Шен куьйгаш дийначу божан коьрта
тIе а дехкина, цунна тIехь исраилхойн ерриг а
харцонаш а, зуламаш а, къинош а дIадуьйцур ду
цо, уьш цу божан коьрта чу а дуьллуш. Цул тIаьхьа
ша билгалваьккхинчу стагаца яьссачу ара
дIахьажор ю цо и бож. [22] Божо нехан ерриг а
харцонаш шеца яьссачу ара дIахьур ю, цу стага ша
дIахецча.
[23] ‡†Гуламан четарна чу а вахана, ша хьалха
чувоьдуш тIедоьхна хиллачу дуткъачу кIадих дина
духарш цу чохь дуьтур ду АхIарона. [24] Езачу меттехь
шен дегI а дилина, ша лелош йолу бедарш тIе а
юьйхина, аравер ву иза. Шена а, халкъана а тIера
дийнаташ дагоран сагIа доккхур ду цо, ша а,
халкъо а летийна къинош дIадахархьама.
[25] Къинан сагIина йийначу старгIин мохь кхерча
тIехь ягор ю цо. [26] Яьссачу ара бож дIахьажо
ваханарг, шен бедарш а йиттина, лийча веза. Цул
тIаьхьа иза меттаматтана чуваха мега. [27] ‡‡Делан
четаран уггар езачу чоьнна чохь къинош дIадаха
цIий даьккхина йолчу, къинан сагIина йийначу
старгIин а, божан а чархаш, меттаматтал арахьа а
яьхна, церан неIарш а, жижиг а, боьхаллаш а яго
еза. [28] Уьш ягийнарг, шен бедарш а йиттина, лийча
веза, тIаккха меттамотт болчу ван мегар ду иза».

## Къинош дIадахаран де ларар

[29] ‡‡†«Шуна гуттаренна а тIедуьллуш ду хIара
хIума: ворхIалгIачу беттан уьтталгIачу дийнахь
массо а хIума шайна доьхкуш, *марха* а кхаба, цхьа
а тайпа болх а ма бе. Кхузахь Iаш волчу
исраилхочо а, шуна юкъахь тIевеана Iаш волчу
стага а ма бе цу хенахь болх, [30] хIунда аьлча цу
дийнахь шун къинош дIадохур ду, шу
цIандархьама. Иштта шайн массо а къинойх
Везачу Элана хьалха цIена хир ду шу. [31] Иза садоIу
шоьтан де ду, массо а хIума шайна доьхкуш, марха
кхаба цу дийнахь. Иза гуттаренна а тIедиллина ду
шуна. [32] Шен ден метта даьттанца къобалвина а,
вазвина а волу *динан коьрта да* шун къинош
дIадахаран Iадат кхочушдан дезаш верг ву.
Дуткъачу кIадих дина деза духарш тIе а дуьйхина,
[33] уггар еза чоь а, гуламан четар а, сагIа доккху
кхерч а, динан дай а, халкъан массо а нах а
цIанбаран Iадат кхочушдийр ду цо. [34] Иза
гуттаренна а шуна тIедиллина хIума хир ду:
исраилхойн дерриг а къинош шарахь цкъа
дIадахар».

† *16:3 Iебархошка 9:7.* †† *Iазизал *– оцу дешан гочдар билггал хууш дац. Иза цхьана яьссачу аренгарчу жинан цIе хила тарло я иза «дIахоьцу бож» хила тарло.** ‡ *16:15 Iебархошка 9:12.*

‡† *16:23 Яхьазкхиал 44:19.* ‡‡ *16:27 Iебархошка 13:11.* ‡‡† *16:29-34 Iамалъяр 23:26-32; Лелар 29:7-11.*

Везачу Эло Мусана тIе-ма-диллара, кхочушдира
АхIарона дерриг а.

### ЦIийн деза хилар

17 Везачу Эло Мусага элира: 2 «ДIаала АхIароне
а, цуьнан кIенташка а, берриг исраилхошка
а: „Везачу Эло вайна тIедуьллург хIара ду: 3 нагахь
исраилхойх цхьаммо *меттамотт* болчохь я цул
арахь я старгIина, я Iахарна, я газанна, урс а
хьаькхна, 4 уьш Везачу Элан четарна хьалха,
Везачу Элана лерина сагIа даккхархьама, схьа ца
дахьахь, цу стагана тIехь цIий хир ду. Цо цIий
Iанийна, цундела иза шен халкъана юкъара эккхор
ву. 5 Исраилхошка шаьш эрна арахь урс хьоккхуш
долу дийнаташ Везачу Элана хьалха, гуламан
четаран неIаре, *динан да* волчу схьадаладайта деш
ду иза. Везачу Элана лерина бартбаран сагIина
дайа деза цара и дийнаташ. 6 Динан дас гуламан
четарна хьалха болчу Везачу Элан кхерчана тIе
цIий а тухур ду, мохь а ягор ю, Везачу Элана томана
йолу хьожа хилийтархьама. 7 Газа-цIушна шайн
сагIанаш а дохуш, исраилхой Везачу Элана кхидIа
цатешаме лела мегар дац. Гуттаренна а царна
тIедуьллуш ду иза“.
8 Кхин а ала цаьрга: „Нагахь исраилхойх я царна
юкъахь тIебаьхкина Iаш болчарах цхьаммо
дийнаташ дагоран я кхин сагIа доккхуш хилахь,
9 Везачу Элана лерина гуламан четаран неIаре цо
дийнат схьа ца даладахь, и стаг шен халкъана
юкъара эккхор ву.
10 †Нагахь исраилхойх я царна юкъахь
тIебаьхкина Iаш болчарах цхьаммо муьлхха а
цIийца долу жижиг даахь, Аса Сайн оьгIазло яссор
ю цIий дуучун синна дуьхьал, шен халкъана
юкъара и са дIа а эккхор ду. 11 ††ДегIан са цIийна
чохь долу дела, Аса цIий сагIа доккхучу кхерчана
лерина хилийта аьлла шуьга, цIий Iанорца шун
синош къинойх цIандайтархьама. Шена чохь са
долчу цIийно къинош дIа ма доху. 12 Цундела аьлла
Ас исраилхошка, царах цхьаммо а, царна юкъахь
тIевеана Iаш волчо а цIий даа мегар дац.
13 Нагахь исраилхойх я царна юкъахь тIебаьхкина
Iаш болчех цхьаммо яа мегаш йолу акхаро я
олхазар лацахь, цуьнан цIий дIа а дахийтина, юха
цу цIийна тIе латта таса деза, 14 хIунда аьлча
муьлххачу дегIан са цуьнан цIийна чохь ду.
Цундела аьлла Ас исраилхошка, шеца цIий долу
цхьа а дилха ма даа. ЦIий дууш верг муьлхха а шен
халкъана юкъара эккхор ву.
15 Къеелла а, экхано цистина а хIума йиъна рг,
исраилхо я тIевеана стаг и велахь, шен бедарш а
йиттина, хица лийча веза. Сарралц цIена хир вац
иза, цул тIаьхьа цIена хир ву. 16 Нагахь цо шен
бедарш а ца йиттахь, шен дегI а ца цIандахь, иза
бехке а ву, цо жоп дала а деза“».

† 17:10 Доладалар 9:4; Iамалъяр 7:26, 27; 19:26;
Карлабаьккхинарг 12:16, 23; 15:23. †† 17:11 Iебархошка 9:22.

### Шен дахарехь цIена лелар

18 Везачу Эло Мусага элира: 2 «ДIаала
исраилхошка: „Со шун Веза Дела ву. 3 Шаьш
хьалха Iийначу Мисар-махкахь хилларг а, хIинца Ас
шаьш дуьгучу КанаIан-махкахь лелош дерг а ма
леладелаш, церан ламасташ а тIе ма эцалаш. 4 Ас
тIедиллинарг кхочушде, Сан парзаш ларде. Со шун
Веза Дела ву. 5 ‡Сан парзаш а, Ас тIедиллинарг а
ларде. Уьш кхочушдийриг цаьрца вехар ву. Со Веза
Эла ву.
6 Цхьа а стаг шен гергарчу зудчуьнца дIавижа
мегар дац. Со Веза Эла ву. 7 Хьайн да сийсаз ма
ваккха, хьайн ненаца дIа а вуьжуш. И зуда хьан
нана ю, цуьнца дIавижа мегар дац. 8 ‡†Хьайн ден
кхийолчу зудчуьнца а дIа ма вижа. Иза хьайн деца
дIавижар санна ду. 9 ‡‡Хьайн ден я ненан йоIаца,
хьайн йишица, дIа ма вижа – иза хьайн цIахь я
кхечу меттехь йина елахь а. 10 Хьайн кIентан я
йоIан йоIаца дIа ма вижа. И дарца ахь-хьо сийсаз
ма воккху. 11 Хьан дестечо хьан дена йинчу йоIаца
дIа ма вижа. Хьан йиша ма ю иза. 12 ‡‡†Хьайн ден
йишица дIа ма вижа. Хьан деца цхьана цIийх
схьаяьлла ма ю иза. 13 Хьайн ненан йишица дIа ма
вижа. Хьан ненаца цхьана цIийх схьаяьлла ма ю
иза. 14 Хьайн ден ваша сийсаз ма ваккха, цуьнан
зудчуьнца дIа а вуьжуш. Иза хьан деца ма ю.
15 ‡‡‡Хьайн несаца дIа ма вижа. Иза хьан кIентан
зуда ма ю. 16 §Хьайн вешин зудчуьнца дIа ма вижа.
Иза хьайн вешица дIавижар санна ду. 17 §†Ненаца а,
йоIаца а дIа ма вижа, ткъа иштта зудчуьнца а,
цуьнан кIентан я йоьIан йоIаца а ма вижа. Уьш
цхьана цIийх схьабевлла бу. Цаьрца дIавижар
дегаза ду. 18 Бухахь йолчу зудчунна тIе цуьнан
йиша ма ялае, царах эмгарш хилийта. Хьайн зуда
дийна а йолуш, цуьнан йишица дIа ма вижа.
19 §††Хьайн зуда цIена йоцучу деношкахь цуьнца
дIа ма вижа. 20 §‡Хьайн уллорачун зудчуьнца дIа ма
вижа, хьо Далла хьалха боьха хир ву. 21 §‡† *Мулка-
далла* сагIа даккха хьайн бераш дIа ма ло, хьайн
Делан цIе иштта сийсаз ма е. Со Веза Эла ву.
22 §†Зудчуьнца санна, стагаца дIа ма вижа. Иза
дегаза хIума ду. 23 §‡Цхьана а дийнатца дIа ма вижа,
цу гIуллакхо хьо Далла хьалха боьха хуьлуьйтур ву.
Зуда а дийнатца дIа ма йижа. Иза чIогIа маьттаза
хIума ду!
24 Оцу гIуллакхашца шаьш Далла хьалха боьха ма
хилийталаш. Шу долчуьра Ас дIалохкучу халкъаша
цу хIуманашца шаьш бехдина. 25 Ур-атталла уьш
тIехь Iаш долу латта а боьха хилира. Цуьнан

‡ 18:5 Нахьми-ЯхIу 9:29; Яхьазкхиал 18:9; 20:11-13; Лака
10:28; Римхошка 10:5; Галатахошка 3:12. ‡† 18:8 Iамалъяр
20:11; Карлабаьккхинарг 22:30; 27:20. ‡‡ 18:9 Iамалъяр 20:17;
Карлабаьккхинарг 27:22. ‡‡† 18:12-14 Iамалъяр 20:19, 20.
‡‡‡ 18:15 Iамалъяр 20:12. § 18:16 Iамалъяр 20:21. §† 18:17
Iамалъяр 20:14; Карлабаьккхинарг 27:23. §†† 18:19 Iамалъяр
20:18. §‡ 18:20 Iамалъяр 20:10. §‡† 18:21 Iамалъяр 20:1-5.
§† 18:22 Iамалъяр 20:13. §‡ 18:23 Арадаккхар 22:19;
Iамалъяр 20:15, 16; Карлабаьккхинарг 27:21.

къинош бахьана долуш Ас таІзар до оцу лаьттана,
цо шена тІера и нах дІаІеттор бу. 26 Ткъа аша Сан
парзаш а, Ас тІедиллинарг а ларде, исраилхочо а,
шуна юкъахь тІевеана Іаш волчо а и дегаза
хІуманаш ма леладе. 27 (Шул хьалха оцу латта
тІехь баьхначу наха лелийна и дегаза гІуллакхаш,
цара бехдина и латта.) 28 Цара санна, аш и латта
бехдахь, цо шена тІера дІаІеттор ду шу, шул хьалха
цигахь Іийна халкъаш санна. 29 Нагахь цхьаммо и
дегаза гІуллакхаш леладахь, иза шен халкъана
юкъара эккхор ву.
30 Аса тІедуьллург ларде: шайл хьалха хиллачара
лелийначу дегазчу гІиллакхех цхьа а кхочуш ма де,
цаьрца шаьш бех ма де. Со шун Веза Дела ву“».

## ЦІена хиларх а, нийсонах а тІедиллинарг

19 Везачу Эло Мусага элира: 2 †«ДІаала массо а
исраилхошка: „ЦІена хила, хІунда аьлча Со,
шун Веза Дела, цІена ву. 3 ††ХІора а шайн нене а,
дега а болчу ларамах вуьзна хила, Суна лерина
шоьтан денош а ларде. Со шун Веза Дела ву.
4 ‡ЦІушна тІе ма дерза, лалийна деланаш а ма бе
шайна. Со ву шун Веза Дела.
5 Веза Эла волчу Суна бертан сагІа шаьш
даькхича, шуна тІера Со цунна резахуьлуьйтучу
тайпана даккха иза. 6 Шаьш сагІа даькхинчу
дийнахь а, шолгІачу дийнахь а даа иза, кхозлагІчу
дийне даьлларг цІергахь дагаде. 7 КхозлагІчу
дийнахь и сагІа даа мегар дац, иза Суна хьалха
цІена а дац, Со цунна реза а хир вац. 8 Иза диинчо
жоп дала деза, хІунда аьлча цо Везачу Элана
дІакъастийнарг сийсаздина. И стаг шен халкъана
юкъара эккхор ву.
9 ‡†Шайн лаьтта тІехь ялта хьоккхучу хенахь кхан
йистошка кхаччалц ма хьакха иза, ткъа охьаэгна
кенаш схьа ма лехьаде. 10 Шайн кемсийн бешара
тІаьхьарчунна тІекхаччалц кемсаш схьа ма лехьае,
охьаэгна кемсаш схьа ма эца. Уьш къечарна а,
тІебаьхкинчарна а йита. Со шун Веза Дела ву.
11 ‡‡Къола ма де, аьшпаш а ма битта, вовшийн ле
а ма де. 12 ‡‡†Хьайн Делан цІеран сий а дойуш,
харцонна тІехь Сан цІарах дуй ма баа. Со Веза Эла
ву.
13 ‡‡‡Ницкъаца хьайн уллорачуьнгара хІума схьа а
ма яккха, иштта цунна къола а ма де. ТІелаьцна
болх биначунна йогІу ял сахиллалц цунна ца луш
ма Іе. 14 §Къорачунна сардам ма болла,
бІаьрзечунна хьалха иза охьакхетийта хІума ма
йилла. Хьайн Делах кхера. Со Веза Эла ву.
15 §†Кхел нийса е, къечуьнга озабезам а ма бе,
хьалдолчух а ма кхера. Нийсонца кхел е хьайн
уллорачунна. 16 Халкъана юкъахь мотт бетташ ма
лела, хьайн уллорачун дахарна кхерам ма таса. Со
Веза Эла ву.
17 §††Дага чохь хьайн веше хьагІ йолуш ма хила,
амма шегара даьллачух хьайн уллораниг кхетаве,
хьо-хьуо бехке ца хилийтархьама. 18 §‡Бекхам а ма
бе, оьгІазалла а ма латтае хьайн халкъах болчу
нахе. Хьайн уллораниг хьо санна веза. Со Веза Эла
ву.
19 §‡†Сан парзаш ларде. Хьайн тайп-тайпана
бежанаш цхьаьна ма кхетийта. Шина тайпана хІу
ма де хьайн кха тІе. Шина тайпана кІадих йина
бедар а ма лелае.
20 Нагахь цхьаъ кхечу стагана къобалйинчу
гІарбашца дІавижахь, и зуда паргІатъяккхархьама
оцу стага цунах мах ца беллехь а, цаьршинна
таІзар дан догІу. Делахь а ден мегар дац и шиъ,
хІунда аьлча зуда паргІатъяьккхина яц. 21 Бехке
волчу стага Везачу Элана лерина гуламан четаран
неІаре гІуда такхаран сагІа даккха ка бало беза.
22 Динан дас Везачу Элана хьалха стага латийна къа
дІадоккхур ду, цуьнгара гІуда такхаран сагІина
балийна ка а бийна. ТІаккха латийначу къинна цу
стагана гечдийр ду.
23 Везачу Эло лур ду аьллачу лаьтта тІе шаьш
даьхкича, стом луш долу муьлхха а дитт догІа. Цу
диттан стоьмаш кхаа шарахь цІена а ма лара, уьш
баа а ма баа, 24 ткъа доьалгІачу шарахь берриг а
стоьмаш Везачу Элана леринчу сагІанашна дІабала
беза. 25 ПхоьалгІачу шарахь цу диттан стоьмаш аш
баа мегар ду. Аша иштта дича, диттах долу ялта
совдер ду. Со шун Веза Дела ву.
26 §†Шеца цІий долу жижиг ма даа. Пал а ма тийса,
бозбунчалла а ма леладе. 27 §‡Гиччош долчуьра
шайн месаш дІа а ма хедае, шайн мажойн йистош а
ма ларга. 28 Белларш дагахь латто, шайн дилха а
хедош, билгалонаш а ма е, шайн догІмаш тІехь
йозанаш а ма де. Со ву Веза Эла.
29 §§†Нахаца а лелийтий, шайн йоІан сий ма дайа.
Аша иштта дича, шун махкахула нахаца лелар
дІасадаьржар а ду, мохк зуламех бузур а бу.
30 §§‡Суна лерина шоьтан денош лар а де, Суна
Ібадат до меттиг а лара. Со Веза Эла ву.
31 §§§Беллачийн синош тІедоьхучарна а, жинашца
тайначарна а тІе ма эха, цаьрга шаьш Далла
хьалха боьха ца дайта. Со шун Веза Дела ву.

---

† *19:2 Іамалъяр 11:44, 45; 1 Кипин 1:16.* †† *19:3 а: Арадаккхар 20:12; Карлабаькkхинарг 5:16; б: Арадаккхар 20:8; Карлабаькkхинарг 5:12.* ‡ *19:4 а: Іамалъяр 26:1; б: Арадаккхар 20:23; 34:17; Карлабаькkхинарг 17:25.* ‡† *19:9, 10 Іамалъяр 27:15; Карлабаькkхинарг 24:19-22.* ‡‡ *19:11 а: Арадаккхар 20:15; Карлабаькkхинарг 5:19; б: Арадаккхар 20:16; Карлабаькkхинарг 5:20.* ‡‡† *19:12 Арадаккхар 20:7; Карлабаькkхинарг 5:11; Маттай 5:33.* ‡‡‡ *19:13 Карлабаькkхинарг 24:14, 15.* § *19:14 Карлабаькkхинарг 27:18.* §† *19:15 Арадаккхар 23:6-8; Карлабаькkхинарг 16:19.* §†† *19:17 Маттай 18:15.* §‡ *19:18 Маттай 5:43; 19:19; 22:39; Марк 12:31; Лака 10:27; Римхошка 13:9; Галатахошка 5:14; Якъуба 2:8.* §‡† *19:19 Карлабаькkхинарг 22:9-11.* §† *19:26 а: Доладалар 9:4; Іамалъяр 7:26, 27; 17:10-14; Карлабаькkхинарг 12:16, 23; 15:23; б: Карлабаькkхинарг 18:10.* §‡ *19:27, 28 Іамалъяр 21:5; Карлабаькkхинарг 14:1.* §§† *19:29 Карлабаькkхинарг 23:17.* §§‡ *19:30 Іамалъяр 26:2.* §§§ *19:31 Карлабаькkхинарг 18:11; Шамъал 28:3; Дауд 23:4; ЕшаІ-ЯхІу 8:19.*

32 Воккха стаг чуваьлча, хьалагIовтта. Баккхийчу
нахе ларам хила. Шайн Деле болчу ларамах дуьзна
хила. Со Веза Эла ву.
33 †ТIевеана стаг шайн махкахь ваха охьахаахь,
цунна ницкъ ма бе. 34 Шаьш долчохь ваха хиъна
волу тIевеана стаг, шайн махкахо санна, лара. Хьо
санна, веза иза, хIунда аьлча шу а дара Мисар-
махкахь тIедаьхкина Iаш. Со шун Веза Дела ву.
35 ††Кхел ечохь а, хIуманан йохалла
билгалйоккхучохь а, хIума узучохь а, юстучохь а
харцо ма лелае. 36 Нийса терза а, герканаш а,
бараман саьхьаш а хуьлда шун. Мисар-махкара шу
арадаьхна шун Веза Дела ву Со. 37 Дерриг а Сан
парзаш а ларде, Ас тIе мел диллинарг кхочуш а де.
Со Веза Эла ву“».

### ЛацадогIарна таIзар дар

20 Везачу Эло Мусага элира: 2 «ДIаала
исраилхошка: „Исраилхойх я цаьрца тIевеана
Iаш волчух цхьаммо шен бераш *Мулка-далла*
дIалахь, и стаг вен веза. Дерриг а халкъо цунна
тIулгаш кхисса деза. 3 Ас, Сайн оьгIазло цунна
дуьхьал а яссийна, шен халкъана юкъара дIаэккхор
ву и стаг, хIунда аьлча цо, шен бераш Мулкана дIа
а луш, Сан цIа бех а дина, Сан сийлахь цIе сийсаз а
йина. 4 Нагахь санна оцу стага шен берех цхьаъ
Мулкана дIаваларх халкъана юкъара массара а
шайн бIаьргаш дIахьаббинехь, цара иза ца
вийнехь, 5 Ас-Айса Сайн оьгIазло яссор ю цунна а,
цуьнан гергарчарна а, Суна цатешаме а долуш,
цуьнца цхьаьна Мулкана Iибадат деш болчарна
массарна а дуьхьал. Аса уьш шайн халкъана
юкъара лохкур бу.
6 Суна тешаме а боцуш, беллачийн синош
тIедоьхуш волчунна а, жинашца тайначунна а
тIеоьхуш болчарна дуьхьал Ас сайн оьгIазло яссор
ю, уьш шайн халкъана юкъара дIа а эккхор бу.
7 Шаьш Далла лерина а хилийта, цIена а хила,
хIунда аьлча Со, шун Веза Дела, цIена ву. 8 Сан
парзаш лар а де, кхочуш а де, хIунда аьлча Со шу
даздеш волу Веза Эла ву.
9 ‡Шен дена я нанна неIалт аьлларг вен веза. Иза
шен дена я нанна луьйш вара, цундела шен цIий
шена тIехь ду цунна.
10 ‡†Шен уллорачун зудчуьнца цхьаъ лелахь,
хьарам лелла стаг а, зуда а ден деза. 11 ‡‡Шен ден
зудчуьнца цхьаъ дIавижча, цо шен да сийсазво. И
стаг а, цуьнца лелла зуда а ден деза, церан цIий
царна тIехь ду. 12 ‡‡†Нагахь цхьаъ шен несаца
дIавижахь, и ший а дуьйр ду, хIунда аьлча дегаза
гIуллакх ду цара динарг. Церан цIий царна тIехь ду.
13 ‡‡‡Нагахь цхьаъ стагаца, зудчуьнца санна,
дIавижахь, цара динарг дегаза гIуллакх ду. И шиъ
вен веза, церан цIий царна тIехь ду. 14 §Хьарам
хIума ду зуда а, цуьнан нана а ялор. И стаг а, ший
зуда а цIергахь даго деза. И санна боьха гIуллакх
шайна юкъахь ма хилийта! 15 §†Дийнатаца цхьаъ
дIавижахь, иза ве, дийнат а де. 16 Нагахь зуда
дийнатца дIайижахь, иза а е, дийнат а де. Уьш дайа
деза, ткъа церан цIий царна тIехь ду.
17 §††Нагахь цхьаъ шен дена йинчу я нанас йинчу
йишица дIавижахь, цо динарг хьарам гIуллакх ду.
Шайн халкъана хьалха къомана юкъара дIаэккхо
деза и стаг а, зуда а. Шен йишица дIавижарна, и
стаг бехке а ву, цо жоп дала а деза. 18 §‡Зударийн
цамгар хуьлучу деношкахь стаг зудчуьнца
дIавижахь, цуьнан цIий дIаэхар гучудаьккхина цо.
И шиъ шайн халкъана юкъара эккхо деза.
19 §‡†Ненан йишица а, ден йишица а дIа ма вижа,
хIунда аьлча и дарца ахьа хьайн гергарчеран сий
дойу. Стаг а, зуда а бехке хир ду, цара жоп дала
дезар ду. 20 Нагахь стаг шен ден вешин зудчуьнца
дIавижахь, цо шен ден ваша сийсазвина. Стаг а,
зуда а бехке хир ду, цара жоп дала деза, ткъа делла
дIадаллалц бераш хир дац церан. 21 §†Нагахь цхьаъ
шен вешин зудчуьнца дIавижахь, цо динарг боьха
гIуллакх ду. Шен ваша сийсазвина цо. Бехке долу
стаг а, зуда а бераш доцуш хир ду.
22 Дерриг а Сан парзаш лар а де, Ас тIе мел
диллинарг кхочуш а де, Ас шу даха тIедуьгучу
лаьтто шу дIа ма Iеттадойла. 23 Ас шу долчуьра
дIаэккхочу къаьмнийн гIиллакхаш тIе ма эца. Цу
наха и массо а боьха гIуллакхаш леладора, цундела
Суна чIогIа ца бийзира уьш. 24 Ас шуьга элира: ‘Аша
церан латта схьадоккхур ду. Шуьраца а, мазаца а
дуьзна долу и латта шун дола дIалур ду Аса’. Дерриг
а кхечу халкъех шу дIакъастийна волу шун Веза
Дела ву Со. 25 Хьанал даьхни хьарамчух а, хьанал
олхазарш хьарамчарах а дIакъасто деза аша. Ас
хьарам ду аьлла даьхни а, олхазарш а, лаьтта
тIехула текхаш ерш а яий, шаьш бех ма де. 26 Суна
хьалха цIена хила, хIунда аьлча Со, Веза Эла, цIена
ву. Ас кхечу халкъех дIакъастийна шу, Сайн
хилийтархьама.
27 Нагахь стага я зудчо беллачийн синош
тIедоьхуш я пал туьйсуш хилахь, уьш байа беза.
Царна тIулгаш кхисса деза, церан цIий царна тIехь
ду“».

### Динан дайшна тIедуьллуш дерг

21 Везачу Эло Мусага элира: «ДIаала динан
дайшка, АхIаронан кIенташка: „Шайн
халкъана юкъара веллачух куьг а тохий, шаьш
Далла хьалха бех ма де. 2 Амма велларг цуьнан
уллора гергарниг хиллехь – да я нана, кIант я йоI,

† *19:33, 34 Арадаккхар 22:21; Карлабаьккхинарг 24:17, 18; 27:19.* †† *19:35, 36 Карлабаьккхинарг 25:13-16; Кицанаш 20:10; Яхьазкхиал 45:10.* ‡ *20:9 Арадаккхар 21:17; Маттай 15:4; Марк 7:10.* ‡† *20:10 Арадаккхар 20:14; Iамалъяр 18:20; Карлабаьккхинарг 5:18.* ‡‡ *20:11 Iамалъяр 18:8; Карлабаьккхинарг 22:30; 27:20.* ‡‡† *20:12 Iамалъяр 18:15.* ‡‡‡ *20:13 Iамалъяр 18:22.*

§ *20:14 Iамалъяр 18:17; Карлабаьккхинарг 27:23.* §† *20:15, 16 Арадаккхар 22:19; Iамалъяр 18:23; Карлабаьккхинарг 27:21.* §†† *20:17 Iамалъяр 18:9; Карлабаьккхинарг 27:22.* §‡ *20:18 Iамалъяр 18:19.* §‡† *20:19, 20 Iамалъяр 18:12-14.* §† *20:21 Iамалъяр 18:16.*

ваша 3 я маре яхаза, цуьнца цхьаьна Іийна йиша – цунах куьг Іоттарца динан дена магийтина ду ша бехван. 4 Халкъана юкъара муьлххачу стагах а хьакхавелла, ша бехван ца веза динан дас, сийсазвина ца хилийта †.

5 ††Шайн кортош дІадаша а, мажойн йистош ларга а, дегІ а хедош, билгалонаш ян а мегар дац динан дайшна. 6 Шайн Далла хьалха цІена хила беза уьш, Цуьнан цІе сийсазъян ца еза цара, хІунда аьлча Везачу Элана лерина цІера тІехь сагІанаш дохурш бу уьш, ткъа и сагІанаш Делан кхача бу. Цундела цІена хилар тІехь ду царна. 7 Нахаца леларг а, шен сий дайина ерг а, майрачо дІатесна ерг а яло мегар дац цара, хІунда аьлча уьш шайн Далла хьалха цІена бу. 8 Динан да цІена лара, хІунда аьлча цо хьан Далла кхачанийн сагІанаш доху. ЦІена хуьлийла иза хьуна, хІунда аьлча шу даздеш волу Со, Веза Эла, цІена ву. 9 Нагахь динан ден йоІ нахаца лелахь, цо шен да сийсазвоккху. ЦІергахь яго еза иза.

10 *Динан коьрта да* шен вежаршна юкъара хаьржина ву, коьрта тІе даьтта доттарца къобал а веш. Деза духарш тІедуха вазвина волчу цо сингаттам гайта шен коьртара месаш низам доцуш хилийта а ца еза, шен тІера бедарш этІо а ца еза. 11 Велларг волчу чуваха ца веза иза. Ур-атталла деллачу дех я ненах а хьакхавелла, ша бехван ца веза цо. 12 Велларг дІаволлархьама, *Делан цІа* долчуьра дІа а вахана, шен Делан цІа сийсаздан ца деза цо, хІунда аьлча даьтта тІедоттарца дина долу Делан *къобалвар* ду цунна тІехь. Со Веза Эла ву. 13 Шен халкъана юкъара йоІстаг бен шена яло мегар дац цо. 14 Йисина йолу я йитина йолу, я сийсазйина йолу, я нахаца лелаш йолу зуда яло мегар дац цо, динан дас шена ялориг шен халкъана юкъара йолу йоІстаг хила еза, 15 шен тІаьхье Далла хьалха боьха ца хилийтархьама. Иза вазвеш волу Веза Эла ву Со“».

16 Везачу Эло Мусага элира: 17 «ДІаала АхІароне: „Нагахь хьан тІаьхьенах волчу цхьаннан дегІа тІехь сакхт хилахь, шен Далла кхачанийн сагІанаш даха мегар дац цунна. Иза гуттаренна а тІедуьллуш ду. 18 Далла сагІанаш даха мегар дац иштта цхьа сакхт долчунна: бІаьрзечунна, астагІчунна, цІарматчунна, 19 ког я куьг заьІап долчунна, 20 букъ хьала ца нислуш волчунна, лохачунна, бІаьрган цамгар йолчунна, чераш долчунна, *чкъуран цамгар* йолчунна, бехке меттехь чов йиначунна. 21 Динан ден АхІаронан тІаьхьенах а волуш, дегІа тІехь сакхт долчу цхьана а стеган йиш яц Везачу Элана тІеван цІера тІехь сагІанаш даха. Сакхт ду цунна тІехь, цундела шен Далла кхачанийн сагІанаш даха мегар дац цунна. 22 Суна лерина даьхна сагІанаш даа мегар ду цо, беза кхача я уггар беза кхача иза белахь а. 23 Амма цу стагана тІехь сакхт хиларна, Делан четаран уггар езачу чоьнна хьалха долчу кирхьанна а, сагІа доккхучу кхерчана а тІеван мегар дац иза, Сан четар а, цунна чохь мел ерг а сийсаз ца ярхьама. Уьш язъеш волу Веза Эла Со ма ву“».

24 АхІароне а, цуьнан кІенташка а, берриг а исраилхошка а дІахаийтира иза Мусас.

### СагІанаш деза хилар

22 Везачу Эло Мусага элира: 2 «ДІаала АхІароне а, цуьнан кІенташка а исраилхоша Суна къобалдеш долу деза сагІанаш леррина леладе, Сан еза цІе сийсаз ца яйтархьама. Со Веза Эла ву. 3 ДІаала цаьрга: „Шун тІаьхьенах волу цхьаъ, Далла хьалха цІена а воцуш, исраилхоша Суна къобалдинчу дезачу сагІанашна гергакхачахь, Суна хьалхара дІаэккхор ву иза. Со Веза Эла ву“.

4 АхІаронан тІаьхьенах волу цхьаъ *чкъуран цамгар* йолуш я дегІах тІуналла схьайолуш велахь, цо деза сагІа даа мегар дац, ша цІанваллалц. Еллачу хІуманах хьакхаеллачух куьг Іоьттинарг а, боьршачу нехан тІуналла шех схьаяьлларг а, 5 муьлххачу а текхаргех хьакхавелларг а, боьхачу стагах хьакхавелла, цІена воцург а 6 сарралц боьха хир ву. Цо деза сагІа даа мегар дац, хица шен дегІ диллалц. 7 Малх чубуьзча, иза цІена хир ву, тІаккха цо сагІанех йолу хІума яа мегар ду, хІунда аьлча иза цуьнан кхача бу. 8 Къеделла я акхароша дийна долу дийнат даа мегар дац динан дена. Ишттачу кхачано иза бехвийр ву. Со Веза Эла ву.

9 Сан хьехамаш ларбойла цара, шаьш бехке ца хилийтархьама а, тІедиллинарг талхор бахьана долуш ца далархьама а. Уьш базбеш волу Веза Эла ву Со.

10 Хийрачо цхьаммо а деза сагІа даа мегар дац. *Динан да* волчохь Іачу хьешо а, динан дена йолах болх бечу стага а даа мегар дац деза сагІа. 11 Ахча а делла, эцначу а, цуьнан хІусамехь дуьнен чу ваьллачу а лено даа мегар ду и сагІа. 12 Динан дайн тІаьхьенах схьа ца ваьллачу стаге маре яханчу динан ден йоІа дезачу сагІина деанарг даа мегар дац. 13 Бераш а доцуш, йисна я йитина Іаш йолчу динан ден йоІа, шен хІусаме юхаеача, даа мегар ду шен ден бепиг, ша жима йолчу хенахь санна. Ткъа хийрачо цхьаммо а иза даа мегар дац.

14 Цхьаммо ларамаза дезачу сагІанах цхьаъ яахь, цо динан дена и деза сагІа юхаметтахІотто деза, цу тІе цуьнан пхоьалгІа дакъа тІе а тоьхна. 15 Динан дайша шаьш а сийсаздан мегар дац исраилхоша Везачу Элана деана долу деза сагІанаш, 16 бакъо йоцучу нахе уьш даа а даийтина. Цу хІумано уьш бехке а хуьлуьйтур бу, царна таІзар а дийр ду. Уьш базбеш волу Веза Эла ву Со».

17 Везачу Эло Мусага элира: 18 «ДІаала АхІароне а, цуьнан кІенташка а, берриг исраилхошка а: „Нагахь исраилхойх я царна юкъахь тІевеана Іаш волчух цхьаммо цхьана нигатца я даггара леларца

† *Я иштта: *Зуда ялорехула я маре яхарехула цуьнца гергара хиллачу стагах а хьакхавелла, ша бехван ца веза динан дас, сийсазвина ца хилийта.** †† *21:5 Іамалъяр 19:27, 28; Карлабаьккхинарг 14:1.*

дийнаташ дагоран сагIа Везачу Элана лерина
доккхуш делахь, 19 сагIина далийна дийнат
старгIанех я койх, я бежалойх эцна сакхт доцу
боьршаниг хила еза, Дела резахилийтархьама.
20 †ТIехь сакхт долу цхьа а дийнат Везачу Элана
лерина ма даладелаш, цуьнца аш Дела резавийр
вац. 21 Нагахь цхьаммо шен нигатца я даггара
леларца Везачу Элана лерина бертан сагIина
доккха я жима дийнат далийнехь, иза сакхт доцуш
хила деза, Дела цунна резахилийта. Дийнаташна
тIехь цхьа а сакхт хила йиш яц. 22 БIаьрзе я
лазийна, я цIармата, я цомгуш долу, я даьIнаш
долу, я череш долу дийнат Везачу Элана лерина ма
даладе. Царах цхьа а, Везачу Элана лерина цIера
тIехь даькккхина сагIа санна, сагIа доккхучу кхерча
тIе ма дилла. 23 ТIех беха я боца когаш болу старгIа
я Iахар даггара леларца долчу сагIина дало мегар
ду, амма нигатца доккхучу сагIина уьш мегар дац,
Дела резахир вац иштташ хIуманна. 24 Боьршалла
гойту коьчалш лазийна я хьаьшна, я дIаяьхна, я
дIахедийна долу дийнаташ Везачу Элана лерина
ма даладе, шайн махкахь и саннарг ма де.
25 Кхечу къаьмнех болчу нехан карара иштта
дийнаташ шайн Далла леринчу сагIина схьа ма
эца, хIунда аьлча царна тIехь сакхт ду. Цара Дела
шуна резахуьлуьйтур вац“».
26 Везачу Эло Мусага элира: 27 «Эса я Iахар, я
буьхьиг йича, ворхI дийнахь шен ненаца йита еза,
ткъа борхIалгIачу дийнахь дуьйна цIера тIехь
Везачу Элана цунах сагIа даккха мегар ду. 28 Аттана
цо динчу эсаца, жийна цо бинчу Iахарца цхьана
дийнахь урс ма хьакхалаш. 29 Нагахь шаьш Везачу
Элана лерина баркаллин сагIа доккхуш делахь,
Дела шайна резахуьлуьйтучу кепара даккха иза.
30 Цу дийнахь даа деза и сагIа, цунах хIума
Iуьйренга ма ялийта. Со Веза Эла ву.
31 Сан весеташ лар а де, кхочуш а де. Со Веза Эла
ву. 32 Сан еза цIе сийсаз ма е, исраилхойн дерриг а
халкъо Со веза хилар къобалдан деза. Шу даздеш
волу Веза Эла ву Со. 33 Шун Дела хилархьама, шу
Мисар-махкара арадаьхна Ас. Со Веза Эла ву».

### Везачу Элан дезачу денойх лаьцна

23 Везачу Эло Мусага элира: 2 «ДIаала
исраилхошка: „ХIорш ду Суна лерина долу
динан деза денош. Цу деношкахь аша безачу
гуламашка халкъ кхайкха деза. 3 ††Ялх дийнахь болх
бан мегар ду, ткъа ворхIалгIа де, садоIу шоьтан де,
безачу гуламна лерина хилийта. Цу дийнахь цхьа а
тайпа болх ма бе. Миччанхьа а шу Iаш делахь а,
иза Везачу Элана лерина долу шоьтан де ду.
4 ХIорш ду Везачу Элана лерина кхидолу деза
денош, шайн-шайн хенашкахь билгалдаьхначу
гуламашца“».

### Пасахьан а, совсазчу баьпкан а деза де
(Лелар 28:16-25)

5 ‡«Хьалхарчу беттан дейтталгIачу дийнахь,
сарахь, Везачу Элана лерина Пасахь хила деза.
6 ‡†Ткъа цу беттан пхуьйтталгIачу дийнахь Везачу
Элана лерина долу Совсазчу баьпкан деза денош
дуьйладала деза. ВорхI дийнахь совсаза бепиг даа
дезаш ду шу. 7 Цу езачу хенан хьалхарчу дийнахь
безачу гуламе нах кхайкха. Вукху деношкахь санна
болу болх ма бе цу дийнахь. 8 ВорхI дийнахь Везачу
Элана лерина цIера тIехь сагIанаш даха.
ВорхIалгIачу дийнахь а кхайкха нах безачу гуламе.
Вукху деношкахь санна болу болх ма бе цу
дийнахь».
9 Везачу Эло Мусага элира: 10 «ДIаала
исраилхошка: „Ас шайна луш долчу лаьтта тIе
шаьш даьхкича, ялта чудерзочу хенахь
дуьхххьарлера цIов динан дега дIало. 11 Цо и цIов,
шатайпа сагIа санна, Везачу Элана хьалха
хьалаойур бу, Иза шуна резахилийта. Шоьтан де
чекхдаьллачу шолгIачу дийнахь и ялтин цIов
Везачу Элана хьалха хьалаойур бу цо. 12 ЦIов
хьалаойучу дийнахь цхьа шо кхаьчна, сакхт доцу
Iахар а бей, цунах Везачу Элана лерина дийнаташ
дагоран сагIа даккха. 13 Iахарца цхьаьна кIен сагIа
а, чагIаран сагIа а да. КIен сагIина цхьа сахь кIен
тоьлла дама схьа а эца, ткъа цу тIе даьтта тоха.
ЦIера тIехь даькккхина кIен сагIин хьожа Везачу
Элана тамехь хир ю. ЧагIаран сагIина хIин ‡‡ цIе
йолчу бараман доьалгIа дакъа чагIар схьаэца.
14 Шайн Далла лерина и сагIанаш дохуш долу де
тIекхаччалц, бепиг а, кхерзина я керла буьртигаш а
ма даалаш. Шун тIаьхьенашна, миччанхьа шаьш
Iаш делахь а, гуттаренна а тIедуьллуш ду иза“».

### Ялта чудерзоран деза де
(Лелар 28:26-31)

15 ‡‡†«Везачу Элана хьалха хьалаайа шаьш цIов
баьхьначу шоьтан де чекхдаьллачу шолгIачу денна
тIера дуьззина ворхI кIира дагарде. 16 Шовзткъе итт
де дIадаьлча, ворхIалгIа шоьтан де чекхдаьллачу
шолгIачу дийнахь, Везачу Элана лерина керла кIен
сагIа даккха. 17 Шайн хIусамаш тIера Везачу Элана
хьалха хьалаайина шатайпа сагIа санна ши бепиг
да. Цхьа сахь тоьллачу кIен демах хьакхийначу
совсийначу бедах дина хила деза и баьпкаш.
Везачу Элана лерина дуьхххьарлерчу ялтех долу
совгIат хир ду иза. 18 Баьпкашца цхьаьна шо
кхаьчна долу, цхьа а сакхт доцу ворхI Iахар а,
даккхийчу хьайбанех цхьа старгIа а, ши ка а
балабе. Цу бежанех Везачу Элана лерина
дийнаташ дагоран сагIа доккхур ду. Цаьрца
цхьаьна кIен а, чагIаран а сагIанаш даха дезаш ду.

† 22:20 Карлабаьккхинарг 17:1. †† 23:3 Арадаккхар 20:8-10; 23:12; 31:15; 34:21; 35:2; Карлабаьккхинарг 5:12-14.

‡ 23:5 Арадаккхар 12:1-13; Карлабаьккхинарг 16:1, 2. ‡† 23:6-8 Арадаккхар 12:14-20; 23:15; 34:18; Карлабаьккхинарг 16:3-8. ‡‡ ХIин *– цхьа хIин еа литаран барам бара.* ‡‡† 23:15-21 Арадаккхар 23:16; 34:22; Карлабаьккхинарг 16:9-12.

ЦӀера тӀехь дохуш долчу оцу сагӀанийн хьожа
Везачу Элана тамехь хир ю. 19 Къинан сагӀина цхьа
бож а, бертан сагӀина шо кхаьчна ши Ӏахар а кечбе.
20 Везачу Элана хьалха шатайпа сагӀа санна даккха
деза динан дас дуьххьарлерчу ялтех дина баьпкаш
а, ши Ӏахар а. Везачу Элана лерина деза сагӀа ду
иза. И сагӀа динан дена дӀадала дезаш ду. 21 Безачу
гуламе цу дийнахь нах схьакхайкха, вукху
деношкахь санна болу болх ма бе цу дийнахь. Шун
тӀаьхьенашна, миччанхьа уьш Ӏаш белахь а,
гуттаренна а тӀедуьллуш ду иза.
22 †Шайн лаьтта тӀехь ялта хьоккхучу хенахь кхан
йистошка кхаччалц ма хьакха иза, ткъа охьаэгна
кенаш схьа ма лехьаде. Къечарна а,
тӀебаьхкинчарна а дита уьш. Со шун Веза Дела ву».

### Локхучу маӀийн деза де
(Лелар 29:1-6)

23 Везачу Эло Мусага элира: 24 «ДӀаала
исраилхошка: „ВорхӀалгӀачу беттан хьалхарчу
дийнахь садаӀа. МаӀаш а локхуш, безачу гуламе нах
а кхайкха, дагалацаран де а хӀоттаде цу дийнахь.
25 Вукху деношкахь санна болу болх ма бе, Везачу
Элана лерина сагӀа даккха цу дийнахь“».

### Къинош дӀадахаран де
(Лелар 29:7-11)

26 ††Везачу Эло Мусага элира: 27 «ВорхӀалгӀачу
беттан уьтталгӀачу дийнахь безачу гуламе нах
кхайкха, цу дийнахь къинош дӀадахаран де хир ду
шун. Массо а хӀума шайна доьхкуш, *марха* а
кхабий, Везачу Элана лерина цӀера тӀехь сагӀа
даккха. 28 Цу дийнахь цхьа а тайпа болх ма бе,
хӀунда аьлча иза къинош дӀадахаран де ду, шун
Везачу Далла хьалха шуна тӀера къинош дӀадохуш
долу де. 29 Муьлхха а цу дийнахь массо а хӀуманна
тӀера марха ца кхаьбнарг шен халкъана юкъара
эккхор ву. 30 Цу дийнахь муьлхха а болх бинарг Ас
шен халкъана юкъара хӀаллаквийр ву. 31 Цхьа а
тайпа болх ма бе. Шун тӀаьхьенашна, миччанхьа
уьш Ӏаш белахь а, гуттаренна а тӀедуьллуш ду иза.
32 Иза садоӀу шоьтан де ду шуна. Цу беттан
уьссалгӀачу дийнахь сарахь дуьйна, массо а хӀума
шайна доьхкуш, марха кхаба. УьтталгӀачу дийнан
суьйре тӀекхаччалц ларде шайн садоӀу шоьтан де».

### Адамаш кхалораш кӀелахь Ӏаш долу деза денош

33 ‡Везачу Эло Мусага элира: 34 «ДӀаала
исраилхошка: „Оццу ворхӀалгӀачу беттан
пхуьйтталгӀачу дийнахь дуьйна ворхӀ де Везачу
Элана лерина хилийта. Адамаш кхалораш кӀелахь
Ӏаш долу деза денош де царах. 35 Хьалхарчу
дийнахь беза гулам дӀахьо, вукху деношкахь санна
болу болх ма бе. 36 ВорхӀ дийнахь Везачу Элана
лерина цӀера тӀехь сагӀа даккха. БархӀалгӀачу
дийнахь безачу гуламе нах а кхайкха, Везачу Элана
цӀера тӀехь сагӀа а даккха. Иза динан гулам бу,
вукху деношкахь санна болу болх ма бе цу хенахь.
37 (Иштта ду Везачу Элана лерина деза денош. Цу
деношкахь безачу гуламашка нах а кхайкха, шен-
шен дийнахь цӀера тӀехь сагӀанаш а даха:
дийнаташ дагоран а, кӀен а, бертан а, чагӀаран а
сагӀанаш. 38 И деза денош Везачу Элана леринчу
шоьтан деношна тӀетоьхна а ду, ткъа и сагӀанаш –
Везачу Элана лерина кхидолчу сагӀанашна а, шайн
лаамца я шаьш динчу нигаташца дахьачу
совгӀаташна а тӀетоьхна а ду.)
39 ВорхӀалгӀачу беттан пхуьйтталгӀачу дийнахь
дуьйна, шаьш ялта схьагулдина девлча, ворхӀ
дийнахь Везачу Элана лерина деза денош дазде,
хьалхарчу а, бархӀалгӀачу а дийнахь са а доӀуш.
40 Хьалхарчу дийнахь тоьлла стоьмаш а, хурма-
диттан а, шуьйра гӀаш долчу диттан а, хина уллохь
кхуьучу дак-диттан а гаьннаш схьа а эций, шайн
Везачу Далла хьалха ворхӀ дийнахь самукъадаккха.
41 ХӀора шарахь ворхӀ дийнахь Везачу Элана
лерина дазде и деза денош. Иза шун тӀаьхьенашна
гуттаренна а тӀедуьллуш ду. ВорхӀалгӀачу баттахь
дазде и деза денош. 42 Кхалораш кӀелахь Ӏе ворхӀ
дийнахь. Исраилан махкахь дина долу муьлхха а
стаг а, зуда а кхалор кӀелахь Ӏен деза. 43 Шун
тӀаьхьенашна хуур ду тӀаккха, исраилхой Мисар-
махкара арабаьхча, Ас кхалораш кӀелахь баха
охьаховшийний. Со шун Веза Дела ву“».
44 Иштта Мусас исраилхошна дийцира Везачу
Элан дезачу денойх лаьцна.

### Къуьданах лаьцна тӀедиллинарг
(Арадаккхар 27:20, 21)

24 Везачу Эло Мусага элира: 2 «Исраилхошна
тӀедилла, даго тоьлла цӀена зайтдаьтта да
алий, стогар массо а хенахь богуш хилийта.
3 Бартбаран тӀорказна дуьхьалъоьллинчу
кирхьанан арарчу агӀор гуламан четарна чохь
АхӀарона стогар Везачу Элана хьалха латийна
латто беза, сарахь дуьйна Ӏуьйре тӀекхаччалц. Шун
тӀаьхьенашна гуттаренна а тӀедуьллуш ду иза.
4 ЦӀеначу деших бинчу стогарна тӀехь болу
къуьданаш Ӏалашбийр бу цо, Везачу Элана хьалха
иза гуттар а латийна латтор а бу».

### Дезачу баьпках лаьцна тӀедиллинарг

5 ‡†«КӀен дама схьа а эций, цунах шийтта бепиг
датта, хӀора баьпкана цхьа сахь дама хьакхаде.
6 Везачу Элана хьалха гонах цӀена деши лаьцначу
стоьла тӀе шина могӀарехь, ялх-ялх а дуьллуш,
охьадахка и баьпкаш. 7 ХӀора могӀарехь хаза хьожа
йогӀу сегӀаз а охьадилла, баьпкан метта Везачу
Элана лерина цӀера тӀехь доккхучу сагӀина хир ду
иза. Дерриг а бепиг Везачу Элана сагӀина дӀаделла
хиларан билгало хир ю иза. 8 ХӀора шоьтан

† *23:22 Ӏамалъяр 19:9, 10; Карлабаьккхинарг 24:19-22.* †† *23:26-32 Ӏамалъяр 16:29-34.* ‡ *23:33-36 Карлабаьккхинарг 16:13-15.*

‡† *24:5, 6 Арадаккхар 25:30.*

дийнахь исраилхойн метта динан дас Везачу Элана
хьалха дахка деза и баьпкаш. Иза гуттаренна а
болу барт бу. 9 †АхІаронан а, цуьнан кІентийн а хир
ду и баьпкаш. Езачу меттехь дуур ду цара уьш,
хІунда аьлча Везачу Элана леринчу цІера тІехь
даьхначу сагІанех деза сагІа ду иза царна делла
долу. Иза гуттаренна а тІедиллина хІума ду».

### Дела емалварна таІзар дар

10 Исраилхойн зудчо мисархочунна вина цхьа
кІант исраилхошна тІевеара. Церан *меттамотт*
болчохь цхьана исраилхочуьнца дов даькххира цо.
11 Везачу Элана лен а, Цуьнан цІе емалъян а
волавелира и кІант, тІаккха исраилхоша Мусана тІе
валийра иза. (Оцу кІентан ненан цІе яра Шаламат –
иза данхо волчу Дибиран йоІ яра.) 12 Царна Везачу
Элан лаам хаийтталц, наха дІалецира иза.
13 Везачу Эло Мусага элира: 14 «Далла луьйш хилла
волу стаг меттаматтал арахьа ваккха. Цо
дийцинарг хезначара цуьнан коьрта тІе куьйгаш
дахка, массо а халкъо цунна тІулгаш кхисса.
15 ДІаала исраилхошка: „Шен Далла луьйш верг
бехке а хир ву, ткъа цо жоп дала а деза. 16 Везачу
Элан цІе емалъеш верг вен веза. Дерриг а халкъо
цунна тІе тІулгаш кхисса деза. ТІевеана стаг я
махкахо Везачу Элан цІе емалъеш велахь, иза вен
веза.
17 ††Нагахь цхьаммо стаг вехь, иза вен веза.
18 Цхьаммо нехан бежана дехь, цо иза дІатакха
деза: дахарна дуьхьал – дахар.
19 Нагахь цхьаммо шен уллорачун дегІан меже
лазийнехь, цо диннарг цунна а дан деза: 20 ‡меже
кагйинехь, цуьнан а кагъян еза, бІаьргана дуьхьал
бІаьрг баккха беза, цергана дуьхьал церг яккха еза.
Цо кхечу стеган дегІа тІехь дина зен цунна а дан
деза. 21 Цхьаммо бежана дехь, цо иза дІатакха деза.
Цхьаммо стаг вехь, иза вен веза. 22 ‡†Цу
гІуллакхашна тІедиллинарг цхьаъ хир ду шуна
тІевеанчунна а, махкахочунна а, хІунда аьлча Со
шун Веза Дела ву“».
23 Мусас дІадийцира иза исраилхошка. Дела
емалвеш хиллачу стагана, меттаматтал ара а
ваьккхина, тІулгаш кхиссира цара. Везачу Эло
Мусана тІе-ма-диллара, дерриг а кхочушдира
исраилхоша.

### ВорхІалгІа шо
(Карлабаьккхинарг 15:1-11)

25 ‡‡Синай-лам тІехь Везачу Эло Мусага элира:
2 «ДІаала исраилхошка: „Аса шайна лун долчу
лаьтта тІе шаьш даьхкича, Везачу Элана лерина
садоІучу заманахь цу лаьтте садаІийта. 3 Ялх
шарахь дІае шайн аренаш, ялх шарахь шайн
кемсаш а хедае, церан кенаш а лахьаде. 4 Амма
ворхІалгІачу шарахь лаьтте садаІийта. Везачу
Элана лерина шатайпа хан хила еза иза. Цу шарахь
латта дІа а ма де, кемсаш а ма хедае. 5 Лаьтта тІехь
ша хьалаяьлларг тІаьхьалонна дІа ма йилла,
хедоза йолчу кемсийн таьллангаш тІера кенаш
схьа а ма даха. Лаьтто садоІу шо хир ду иза.
6 Лаьтто цхьана шарахь садоІур ду, амма тоъал
кхача хир бу шуна а, шун лешна а, гІарбашашна а,
тІелаьцначу белхалошна а, шуьгахь Іачу
тІебаьхкинчу нахана а, 7 шун даьхнина а, шун
лаьтта тІехь йолчу акхарошна а. Лаьттах ша
схьаяьлларг шуна яа мегар ю“».

### МеттахІотторан шо

8 «МеттахІотторан шо ‡‡† шайна юкъахь долу ворхІ
шо ворхІазза дагар а дай, шовзткъе исс шо шайн
хилийта. 9 Цул тІаьхьа, ворхІалгІачу беттан
уьтталгІачу дийнахь берриг а шайн махкахь
Къинош дІадахаран де дІакхайкхаде, маІа а
локхуш. 10 Шовзткъе уьтталгІа шо къобал а де,
шайн махкахь Іаш мел волу стаг паргІат а ваккха.
МеттахІотторан шо ду алий, кхайкхаде и шо. ХІора
а шен доьзалан долахь хиллачу лаьтта тІе а, шен
тайпане а кхача. 11 Шовзткъе уьтталгІа шо шун
шатайпа меттахІотторан шо хилла дІахІуттур ду.
ХІумма а де а ма де, лаьттах ша хьаладаьлларг
тІаьхьалонна дІа а ма дилла, хедоза йолчу кемсаш
тІера кенаш схьа а ма даха. 12 ХІунда аьлча и хан
шуна еза хир ю. Арара схьаяьлларг яа шайна.
13 МеттахІотторан шарахь хІора а шен доьзалан
латта тІе верза, цуьнан дола дан. 14 Хьайн
уллорачунна цхьа хІума юхкуш я цуьнгара оьцуш
хьо велахь, вовшийн ле ма ве. 15 МеттахІотторан
шо дІадаьллачул тІаьхьа долу шераш а дагардина,
эца еза ахьа хьайн уллорачуьнгара хІума, ткъа цо
а, ялта хин долу шераш а дагардина, хьуна йохка
еза иза. 16 Нагахь санна дуьсуш долу шераш дукха
делахь, мах лакхабаккха, нагахь кІеззиг дуьсуш
делахь, лахабаккха, хІунда аьлча дукхуш дерг
масех шарахь хин долу ялта ду. 17 Вовшийн ле ма
де, шайн Делах кхера, хІунда аьлча Со Веза Эла,
шун Дела ву».

### ВорхІалгІачу шарахь яар

18 «Аса шайна тІедиллинарг а, Сан парзаш а, лар а
деш, кхочушде. ТІаккха шу синтем болуш Іийр ду
шайн махкахь. 19 Лаьтто шуна шортта ялта лур ду,
шун дуккха а даа хІума хир ду, тІаккха шу синтем
болуш шайн махкахь Іийр ду.
20 Амма аша ала тарло: „Оха латта дІадуьйш а ца
хилча, ворхІалгІачу шарахь тхан яа хІума хир яц“.
21 Цунна аша са ма гатде. Аса йолхалгІачу шарахь
Сайн беркат доссор ду шуна тІе, тІаккха цу шарахь
шуна кхаа шарахь даъал рицкъа хир ду. 22 Ткъа
бархІалгІачу шарахь ялта дІадоьчу хенахь, шун

† 24:9 *Маттай 12:4; Марк 2:26; Лака 6:4.* †† 24:17 *Арадаккхар 21:12.* ‡ 24:20 *Арадаккхар 21:23-25; Карлабаьккхинарг 19:21; Маттай 5:38.* ‡† 24:22 *Лелар 15:16.* ‡‡ 25:1-7 *Арадаккхар 23:10, 11.*

‡‡† *МеттахІотторан шо *– лаьтте садоІуьйту шо.**

шира ялта кхачоза хир ду, иза дуур ду аша,
уьссалгІачу шарахь керла ялта кхиъалц».

### ХІума долахь хиларан бакъонаш меттахІиттор

23 Латта гуттаренна а дохка мегар дац, хІунда
аьлча иза Сан ду. Шу Сан латта лело шайна бакъо
еллачу хийрачу махкарчу нахах тера ду.
24 Шайн доьзалан латта мел долчохь иза юхаэцар
магаде. 25 Нагахь вашас, къий а велла, доьзалан
латта дІадохкахь, цунна гІо дан дезаш волчу
гергарчу стага, ван а веана, цо доьхкинарг
юхаоьцур ду. 26 Стеган шен доьзалан латта
юхаэцийта гергара стаг ца хила а тарло, амма
тІаьхьо, беркат а хилла, цуьнгахь иза юхаэццал
ахча хила мега. 27 ТІаккха цунна, доьзалан латта
доьхкинчул тІаьхьа йолу хан а лерина, шерашка
хьаьжжина лаьттах хІун мах бала беза хуур ду. Юха
а эцна, доьзалан лаьттан дола дийр ду цо. 28 Амма
цуьнан шен доьзалан латта юхаэццал ахча ца
хилахь, иза эцначу стеган карахь дуьсур ду
меттахІотторан шо тІекхаччалц. Ткъа цу шарахь
латта юха а шен хьалха хиллачу хІусамден дола
дер ду.
29 Нагахь стага гонах пен болчу гІалахь долу цІа
дохкахь, цхьа шо далале иза юхаэца бакъо ю
цуьнан. 30 Амма шо далале цо иза юха ца эцахь,
гонах пен болчу гІалара цІенош эцначу стеган а,
цуьнан тІаьхьенан а дола довлу, меттахІотторан
шарахь а доьхкинчу стагана иза юхалур дац. 31 Ткъа
гонах пен боцучу шахьаршкахь долу цІенош
арарчу лаьттан меха лоруш ду. Уьш мичча хенахь а
юхаэца а мега, ткъа меттахІотторан шарахь шайн
хьалхалерчу хІусамден юха а дола довлу. 32 Шайн
долахь йолчу гІаланашкахь муьлххачу хенахь а
цІенош юхаэца бакъо ю левихойн. 33 Ткъа, масала,
царах цхьаммо цІенош юха ца эцахь,
меттахІотторан шарахь уьш юха а хІусамден дола
девр ду, хІунда аьлча левихойн гІаланашкахь долу
цІенош церан долахь ду. Исраилхошна юкъахь
левихойн дакъа ду иза. 34 Амма церан гІаланашна
гонах йолу аренаш йохка мегаш яц, хІунда аьлча
уьш гуттар а йолчу ханна церан дола яьхна ю.

### Къийбеллачарах а, лех а

35 †Нагахь санна хьайн ваша, къийвелла, таро
йоцуш велахь, гІо де цунна, тІевеанчу стагана я
хьешана санна, иза шуна юкъахь кхидІа а Іайта.
36 Айхьа цуьнга деллачу ахчанах ял а ма яккха,
хьайн Делах а кхера, хьайн ваша шайна юкъахь а
вахийта. 37 ††Ял яккхийта духалург хьайн ахча а ма
ло цуьнга, са яккхийта хьайн ялта а ма дохка
цунна. 38 КанаІан-мохк шуна бала а, шун Дела хила
а Мисарара шу арадаьхна волу шун Веза Дела ву
Со.

### Леш дІахеца

39 ‡Къийвеллачу вашас ша хьайна вохкахь, ваца
ма ве иза, лай санна. 40 Хьо волчохь Іайта иза,
цхьана ханна тІевеана стаг санна, меттахІотторан
шо тІекхаччалц. 41 ТІаккха, шен бераш схьа а эцна,
гергарчу нахана тІегІур ву иза. Цигахь шен
доьзалан латта юха схьаоьцур ду цо. 42 ХІунда
аьлча уьш Сан леш бу, Ас Мисарара арабаьхна
болу. Уьш леш санна, бохка мегар дац.
43 Къизаллица олалла а ма де цу стагана тІехь,
хьайн Делах кхоьруш а хила. 44 Шайна леш я
гІарбашаш безахь, гонахарчу къаьмнашна юкъахь
эца уьш. 45 Иштта шайн махкахь тІебаьхкина Іаш
болу нах а, шайн лаьтта тІехь кхиинчу церан
тІаьхьенах берш а эца мегар ду. Уьш шун долахь
хила мегаш бу. 46 Шайн тІаьхьенашна бита а мега
аша уьш, кхин болу бахам санна. Уьш гуттар а
церан долахь хир бу, леш а хилла. Ткъа шайн
вежаршна-исраилхошна тІехь къизаллица олалла
ма де.
47 Хийрачу махкара веана я цхьана ханна шуна
юкъахь Іаш волу стаг хьал долуш велахь, ткъа хьан
ваша, къий а велла, цу стагана вохкавеллехь, 48 ша
юхаэцийта бакъо хир ю цуьнан. Вежарех цхьаммо
юхаэца мегар ду иза. 49 Цуьнан девашас я девешин
кІанта юхаэца мегар ду иза, гергарчу нахах я
тайпанах цхьаммо юхаэца а мегар ду. Ткъа тоъал
таро елахь, ша мах бала а мегар ду цо шех. 50 Ша
эцначунна мах дІатакха беза цо, ша воьхкинчу
шарна тІера дуьйна меттахІотторан шарна
тІекхаччалц. Шех делла долу ахча а, шераш мел ду
а хьаьжна, дІадала деза цо, хІунда аьлча и стаг
хІусамда волчохь тІелаьцна белхало санна хилла.
51 Ткъа меттахІотторан шо тІекхача дуккха а шераш
дуьсуш делахь, церан терахье а хьаьжна, ша
юхаоьцуш деллачу ахчанал сов дІадала деза цо.
52 Нагахь шераш кІезиг дуьсуш делахь, уьш дагар а
дина, дІабала беза шех богІу мах. 53 ХІора шарахь
йолах тІелаьцначу белхалочуьнца санна хила деза
шу цуьнца. ХІусамдега цунна тІехь ницкъ ма байта.
54 Нагахь цхьаммо а иза юха ца эцахь,
меттахІотторан шарахь иза а, цуьнан бераш а
паргІатдевр ду. 55 ХІунда аьлча исраилхой Сан леш
бу, Ас Мисарара арабаьхна болу. Со шун Веза Дела
ву.

### Дала бохург дарна декъалдар

(Карлабаькхинарг 7:12-24; 28:1-14)

26 ‡†«Шайна цІуш ма бе, лалийна цІуш а,
харцделанашна хІиттийна тІулгаш а, тІулгех
хедийна цІуш а ма хІиттабе, царна Іибадат
дархьама, хІунда аьлча Со шун Веза Дела ву. 2 Суна
лерина шоьтан денош лар а де, Суна Іибадат до
меттиг а лара: Со Веза Эла ву.

† *25:35 Карлабаькхинарг 15:7, 8.* †† *25:37 Арадаккхар 22:25; Карлабаькхинарг 23:19, 20.*

‡ *25:39-46 Арадаккхар 21:2-6; Карлабаькхинарг 15:12-18.* ‡† *26:1 а: Іамалъяр 19:4; б: Арадаккхар 20:4; Карлабаькхинарг 5:8; 16:21, 22; 27:1.*

3 †Нагахь Сан парзашца шу лелахь, Сан весеташ,
лар а деш, аш кхочушдахь, 4 Ас шен хеннахь
догІанаш доуьйтур ду шуна, тІаккха лаьтто ялта а,
арарчу дитташа шайн стоьмаш а лур бу. 5 Кемсаш
схьайоху хан тІекхаччалц шайн ялта орур ду аша,
ткъа кемсаш ялта дІаделлалц схьайохур ю аша.
Дуззалц шайн бепиг а дууш, шайн махкахь паргІат
Іийр ду шу.
6 Шун махкахь машар хІоттор бу Ас. ПаргІат
дІадуьйшур ду шу, цхьаммо а шуна новкъарло
йийр яц. Къиза акхарой шун лаьтта тІера дІалохкур
ю Ас, тІом шун махкахь кхин могуьйтур бац. 7 Шайн
мостагІий лохкур бу аша, шун тарраша эгор бу уьш.
8 Шух пхеаммо бІе эккхор ву, бІеммо итт эзар
лоллур ву, шун тарраша эгор бу и мостагІий. 9 Шун
терго йийр ю Ас, шу доьбуьйтур ду, дуккха а бераш
а хуьлуьйтуш. Вай бинчу барта тІехь Со чІогІа
лаьттар ву. 10 Шарахь а сов даъал хир ду шун ялта,
керла ялта чуэцча, шираниг дІакхуссур ду аша.
11 Сайн Іаш йолу меттиг шуна юкъахь дІахІоттор ю
Ас, шух дІавоьрзур вац Со. 12 ††Шуна юкъахь лелаш,
шун Дела хир ву Со, ткъа шу Сан халкъ хир ду.
13 Шу, леш а хилла, ца дитархьама, Мисар-махкара
арадаьхна волу шун Веза Дела ву Со. Шуна тІехь
хилла лоллин дукъ а кагдина, кхечу къаьмнашна
муьтІахь хиллачуьра Аса шу паргІатдехира».

### Дала бохург цадарна таІзар дар
(Карлабаькхинарг 28:15-68)

14 ‡«Нагахь Ас бохург а ца деш, дерриг а хІара
весеташ аш кхочуш ца дахь, 15 нагахь Сан парзаш
дІа а теттина, Ас тІедиллинчух а ца дешаш, Сан
весеташ кхочуш а ца деш, Соьца бина барт а
талхош, шу лелахь, 16 Ас шуна таІзар дийр ду.
Кхерам а, хІоралла а, дагар а хоьцур ду Ас шуна тІе.
Цара шун бІаьрса а гІелдийр ду, синош а бІарздийр
ду. Аш ялта дІадер эрна хир ду, шун мостагІаша иза
дуур долу дела. 17 Ас Сайн оьгІазло шуна дуьхьал
яссор ю, тІаккха шу мостагІаша эшор ду. Шуна
тІехь олалла дийр ду цара. Шу довдур ду,
тІаьхьаваьлла цхьа вацахь а.
18 Оцу массо а гІуллакхел тІаьхьа аш Соьга ла ца
догІахь, шун къиношна Ас ворхІазза сов таІзар
дийр ду шуна. 19 Шун чІагІъелла куралла йохор ю
Ас, стигало догІанан тІадам а лур бац шуна, латта,
тІулг санна, чІагІлур ду шун. 20 Эрна хир ду аша
къахьегар, лаьтто ялта лур дац шуна, дитташа
стоьмаш а лур бац.
21 Цул тІаьхьа а шу, Суна дуьхьал а девлла, Соьга
ладугІуш ца хилахь, Айса ден долу таІзар ворхІазза
совдоккхур ду Ас аш къинош леторна. 22 Шуна тІе
арара акхарой хоьцур ю Ас. Цара шун бераш а
дойур ду, шун даьхни а хІаллакдийр ду. Шуна
юкъара дукха нах цара байарна, шун некъаш
дассалур ду.
23 Цул тІаьхьа а шу, нис а ца луш, Суна
дуьхьалдовлахь, 24 Со а вер ву шуна дуьхьал. Ас
ворхІазза сов таІзар дийр ду шуна аш къинош
леторна. 25 Бекхам беш долу тур доккхур ду Ас шуна
дуьхьал, аш Соьца бина барт бохорна. Нагахь шу
шайн гІаланаш чохь шаьш лардайта гуллахь, Ас
шуна тІе ун хоьцур ду, тІаккха мостагІийн карагІур
ду шу. 26 Дисина напха дІадоккхур ду Ас шуьгара.
Итт зуда хир ю шун бепиг цхьана пешахь доттуш.
Оза а узуш, лур ду шуна иза. Аша и бепиг дуур ду,
амма шу меца дуьсур ду.
27 Нагахь цул тІаьхьа а, Соьга ла а ца дугІуш, шу
Суна дуьхьалдовлахь, 28 Ас, оьгІазаллица шуна
дуьхьал а ваьлла, ворхІазза сов таІзар дийр ду
шуна аша къинош леторна. 29 Шайн кІентийн а,
мехкарийн а дилха дуур ду аша. 30 ЦІушна сагІа
доккху шун баьрзнаш дохор ду Ас, малхана лерина
хІиттийна бІогІамаш хедор ду, ткъа шун декъий
бохийначу шун цІушна тІе кхуьссур ду. Шу дегаза
хетар ду Суна. 31 Шун гІаланех саьлнаш йийр ю Ас,
аш цІушна Ібадат деш долу цІенош а дассор ду,
аш деанчу сагІанех хьожа а йоккхур яц. 32 Шун
латта дассор ду Ас, цу тІехь баха охьахевшина шун
мостагІий цецбовллал чІогІа. 33 Шу къаьмнашна
юкъахь дІасадаржор ду Ас, шуна тІаьхьа тур а
даьккхина. Шун латта даьсса хир ду, шун гІаланаш
а йохийна Іохкуш хир ю. 34 ТІаккха ерриг а ша
дассийна Іиллинчу ханна лаьтто токхуьйтур ду
шена дина зен, садаІаран шераш ца даздаран
бахьана долуш. Шу шайн мостагІийн махкахь
долчу хенахь лаьтто садоІур ду. 35 ДІатесна Іуьллучу
ерриг а хенахь лаьтто садоІур ду, шу цунна тІехь
Іаш долуш, шена садаІа дІа ца еллачу ханна.
36 Шух дийна бисначеран дегнашка кхерам тосур
бу Ас, уьш мостагІийн мехкашкахь Іачу хенахь.
Дегочу гІанан гІовгІанах а бовдур бу уьш. Туьрах
санна, бовдур бу уьш, охьа а оьгур бу, цхьа а
тІаьхьа ца ваьллашшехь. 37 Вовшах тийса а луш,
галдевр ду шу туьрах девдча санна, шайна
тІаьхьаваьлла цхьа а воццушехь. Шайн
мостагІашна дуьхьало ян ницкъ кхочур бац шун.
38 Кхечу къаьмнашна юкъахь Іаш а долуш,
дІакхелхар ду шу, шайн мостагІийн лаьтто дІа а
кхаьллина. 39 Шух дийна биснарш, шайн а, шайн
дайн а харцонаш бахьана долуш, шайн мостагІийн
мехкашкахь маргІалбулур бу.
40 ТІаккха шайн а, шайн дайн а харцонашна уьш
къера хилахь (цара Суна дуьхьал зуламаш дарна а,
уьш Суна дуьхьал бовларна а, 41 Со а ваьлла царна
дуьхьал, церан мостагІийн махка уьш йийсаре а
балийна), церан аьрха дегнаш къарделча а, шайн
харцонех цара гІуда текхча а, 42 ‡†Суна дагабогІур бу
Якъубаца а, Исхьакхаца а, ИбрахІимца а бина барт
а, дагадогІур ду латта а. 43 Исраилхойх дисна долу
латта, царах дасса а делла, зовкх хьоьгуш хир ду
ша садоІучу шерашкахь. Шайн харцонашна цара

† *26:3-5 Карлабаькхинарг 11:13-15; 28:1-14.* †† *26:12 2 Коринтхошка 6:16.* ‡ *26:14-33 Карлабаькхинарг 28:15-68.*

‡† *26:42 а: Доладалар 28:13, 14; б: Доладалар 26:3, 4; в: Доладалар 17:7, 8.*

декхар токхуш хир ду, Ас тІедиллинарг кхочуш ца
дарна, Сан парзаш тІе ца эцарна. 44 Ткъа иза иштта
делахь а, уьш шайн мостагІийн лаьтта тІехь Іачу
хенахь а, Со царах дІавоьрзур вац, уьш
хІаллакбархьама дІа а тосур бац, Сайн цаьрца болу
барт ца бохорхьама, хІунда аьлча Со церан Веза
Дела ву. 45 Айса церан дайшца бина барт
дагабоуьйтур бу Аса исраилхойн дуьхьа. Дерриг а
халкъашна хьалха церан дай Мисар-махкара
арабехира Ас церан Дела хилархьама. Со Веза Эла
ву».
46 ХІорш ду Везачу Эло Синай-лам тІехь
Мусагахула Исраилан халкъана делла парзаш а,
тІедехкинарш а, хьехамаш а.

## Везачу Элана лерина долчух лаьцна

27 Везачу Эло Мусага элира: 2 «ДІаала
исраилхошка: „Нагахь ахь, стагах мах а луш,
Везачу Элана и стаг лерина хилийта нигат дахь,
3 бала беза мах ткъа шарна тІера кхузткъа шарна
тІекхаччалц волчу стагах шовзткъе итт *шекхал*
дато ахча хир бу, Езачу Меттигехь лелаш болчу
шекхалан бараме хьаьжжина. 4 Нагахь иза зуда
елахь, ахь хІоттийна мах ткъе итт шекхал хир бу.
5 Пхеа шарна тІера ткъа шарна тІекхаччалц волчу
стеган мах ткъа шекхал, зудчун мах итт шекхал хир
бу. 6 Цхьана батта тІера пхеа шарна тІекхаччалц
волчу кІентан мах пхи шекхал дети, йоІан мах кхо
шекхал дети хир бу. 7 Кхузткъа а, кхин сов а шераш
долчу стеган мах пхийтта шекхал, зудчун мах итт
шекхал хир бу.
8 Нагахь стаг къен а хилла, ахь хІоттийна мах
бала цуьнан таро яцахь, динан дена тІевига иза.
Нигат динчу стеган хьоле хьаьжжина, динан дас
мах хадор бу цуьнан.
9 Нагахь Везачу Элана нигат динарг Цунна сагІа
даккха могуьйту даьхни делахь, цу даьхних дерриг
а Везачу Элана деанарг деза а хир ду, Цунна
дІакъастийна а хир ду. 10 Кхечу хІуманца иза хийца
мегар дац. СагІина деана диканиг вочух я вониг
дикачух а хийца мегар дац. Нагахь цхьа дийнат
кхечуьнца хийцахь, и ший а деза хир ду, Везачу
Элана дІакъастийна а хир ду. 11 Нагахь далийна
бежана Далла хьалха цІена а доцуш, Везачу Элана
сагІина ден мегаш дацахь, даладе иза динан дена
тІе. 12 Динан дас, бежана дика я вон ду а хьаьжна,
цуьнан мах хадор бу. Цо хадийна мах бита беза.
13 Нагахь цхьаъ иза юхаэца гІерташ велахь,
хІоттийначу механа тІе пхоьалгІа дакъа тІетохийта
цуьнга.
14 Нагахь цхьаъ шен цІа Везачу Элана лерина
хилийта лууш велахь, динан дас, иза дика ду я
ледара ду аьлла, мах хадо беза. Динан дас
хадийнарг хир бу цІийнан мах. 15 Нагахь цу стагана
шен цІа юхаэца лаахь, хІоттийначу механа тІе
пхоьалгІа дакъа тІетоха деза цо, тІаккха цІа цуьнан
хир ду.
16 Нагахь цхьаммо шен лаьттан цхьа дакъа Везачу
Элана лерина хилийтахь, дІаден тарлучу ялте
хьаьжжина хила беза цу декъан мах: шена тІехь
пхи гали мукх дІабен тарлучу лаьттан мах
шовзткъе итт шекхал дети хир бу.
17 МеттахІотторан шарахь цхьаммо шен латта
Везачу Элана лерина хилийтахь, цуьнан мах ахь
хІоттийнарг хир бу. 18 Нагахь меттахІотторан шо
чекхдаьлча, шен латта цхьаммо Везачу Элана
лерина хилийтахь, тІедогІучу меттахІотторан
шарна тІекхаччалц долу шераш дагар а дина,
церан бараме хьаьжжина, лахара мах хІотто беза
динан дас. 19 Ша дІаделла кха стагана юхаэца лаахь,
хІоттийначу механа тІе пхоьалгІа дакъа тІетоха
деза цо, тІаккха латта цунна дуьсур ду. 20 Нагахь цо
дІа а ца эцна, кхечу стага и кха эцахь, иза юхаэца
йиш хир яц. 21 МеттахІотторан шарахь и кха
дІахецча, иза Далла дІакъастийна хир ду. И кха
гуттаренна а Везачу Элана дІа ца боьрзу бахам хир
бу. Динан дайн дола дер ду иза.
22 Цхьаммо ша эцна латта Везачу Элана лерина
дІаделлехь, ткъа иза цуьнан доьзалан латтанийн
дакъа дацахь, 23 динан дас, МеттахІотторан шарна
тІекхаччалц долу шераш а дагардина, цу лаьттан
мах хадо беза. Оццу дийнахь лаьттан мах дІабала
безаш бу цу стага – и ахча Везачу Элана
дІакъастийна хир ду. 24 МеттахІотторан шарахь
хьалха хиллачу хІусамден – латта доьхкинчу стеган
– дола юхадоьрзу и латта.
25 Езачу Меттигехь лелаш долчу шекхале
хьаьжжина берриг а мехаш хила беза. Цхьана
шекхал чохь ткъа гер † хила еза.
26 Дийнатех схьадаьлла дуьххьарлера даьхни
цхьаммо а Везачу Элана лерина дало мегар дац,
хІунда аьлча уьш Цуьнан ду, дуьххьарлера долу
дела. Сту белахь а, уьстагІ белахь а, бож елахь а –
Везачу Элан ду иза. 27 Даьхни хьарам делахь, ахь
хІоттийначу мехаца юхаэца тарло иза, механ
пхоьалгІа дакъа тІе а тухуш. Нагахь юха ца эцахь,
ахь хІоттийначу мехах дІадохка мегар ду иза.
28 ††Шен долахь долчух стага, гуттаренна а, Везачу
Элан дІа ца боьрзу бахам санна, лерина мел
хилийтинарг – я адам, я даьхни, я кха – духкуш а,
юхаоьцуш а хила мегар дац. Везачу Элана дІа ца
боьрзу бахам мел хилийтинарг Цунна бен
дІакъастийна дац. 29 Везачу Элана дІа ца боьрзу
бахам санна мел хилийтина адамаш а юхаэца
мегар дац – уьш дайа дезаш ду.
30 ‡Лаьттах схьадаьллачу ялтин а, дитташ тІехь
кхиъначу стоьмийн а уьтталгІа дакъа Везачу Элан
ду. Иза Везачу Элан долахь бен дац. 31 УьтталгІа
дакъа юхаэца лууш волчо цуьнан механ пхоьалгІа
дакъа тІетоха деза. 32 Доккхачу а, кегийчу а даьхних
дерриге а уьтталгІа дакъа Везачу Элан долахь ду.
Іуьнан коьжалгана кІел лелачу даьхних хІора

† *Гер *– цхьа гер 0,6 грамм озаран барам бу.** †† 27:28 *Лелар 18:14.* ‡ 27:30-33 *Лелар 18:21; Карлабалькхинарг 14:22-29.*

уьтталгIаниг Везачу Элана дIакъастийна хила деза.
33 Вон я дика ду хьоьжуш, къесто мегар дац луш
дерг, хийца а мегар дац иза. Нагахь цхьаммо иза
хийцахь, хуьйцуш долу ший а дийнат Везачу Элана дIакъастийна хир ду, тIаккха иза юхаэца йиш яц“».

34 ХIорш ду Везачу Эло Синай-лам тIехь Мусагахула исраилхошна тIедеххкина весеташ.

# Лелар

### Дешхьалхе

Шовзткъа шарахь Исраилан халкъ яьссачу арахула лийлира. Синай-лома тIера дуьйна Дала шайна лур бу аьллачу мехкан малхбалерчу дозанна тIекхаччалц болчу церан некъах лаьцна ду хIара цIе йолу тептар. Исраилан халкъ Синай-ломана уллохь долчу хенахь, Мусас иза дагардира, ткъа халкъан некъ чекхбаьлча, халкъ Муаби-махкахь долчу хенахь, иза юха а дагардира цо. Цул хьалха Исраилан халкъ КанаIан-мехкан къилберачу дозанна уллохь йолчу Кхадеш-БарнаьIа-гIалина тIедахара, амма цигахула царна ваIданца лур бу аьллачу махка чу ца бахалора уьш. Дуккха а хан оцу меттехь а яьккхина, уьш Йордан-хил малхбалехь йолчу метте бахара. Халкъан цхьа дакъа цигахь даха охьахиира, ткъа вукху декъо цигахь кечам бира, Йордан-хил дехьа а даьлла, КанаIан-махкана чубовла.
олучу тептар тIехь дуьйцуш ду халкъ юх-юха а гIайгIанехь а, кхерамехь а хиларх лаьцна, цунна тIехь Iазапаш латтийна дела. Далла а, Дала цунна тIехь дIахIоттийначу Мусана а дуьхьалделира и халкъ. Исраилхоша иштта къинош летадахь а, Шена хьалха уьш аьрха белахь а, Дела царна тешаме а хуьлу, Цо уьш Iалаш а бо. Оцу массо а ханна Муса Далла а, халкъана а тешаме вуьсу, иза наггахь чIогIа собаре ца хилахь а.

### Исраилан халкъ дуьххьара дагардар

1 †Мисар-махкара исраилхой арабевллачул
тIаьхьа шолгIачу шеран, шолгIачу беттан
хьалхарчу дийнахь Синай олучу яьссачу аренгахь,
гуламан четар чохь, Веза Эла Мусага вистхилира.
Цо элира: 2 «Дерриг а Исраилан халкъан, дагар а
деш, хьесап де, церан тукхамашка а, доьзалшка а
хьаьжжина. ХIорра а боьршачу стеган цIе дIаязъе.
3 Ахьа а, АхIарона а ткъа шо а, цул лакхара а хан
йолу нах, шайн тIеман тобанашца багар а бай,
Исраилан халкъан эскарехь гIуллакх дан мегаш
болчеран хьесап де. 4 Шайн доьзалехь баьчча волу
хIора тайпан юкъара цхьацца стаг хила веза
шуьца. 5 Шуьца хинболчу нехан цIераш хIорш ю:
Раабанан тIаьхьенах – Шидауран кIант Элицур;
6 ШимIин тIаьхьенах – Цура-Шидин кIант
Шелумиал;
7 ЯхIудан тIаьхьенах – Iамминадабан кIант
Нахьшон;
8 Исраилан тIаьхьенах – ЦуIаран кIант Натунаил;
9 Забулан тIаьхьенах – Хьелонан кIант Элиаб;
10 Юсупан кIентех: Эпрайман тайпанах волу
IамихIудан кIант Эли-ШамаI а, Маннашан
тIаьхьенах волу Падацуран кIант Гамлиал а;
11 Бен-Яманан тIаьхьенах – ГидIонин кIант Авдани;
12 Данан тIаьхьенах – Iами-Шидин кIант АхьиIазар;
13 Ашаран тIаьхьенах – Iухранан кIант ПагIиал;
14 Гадин тIаьхьенах – ДаIуалан кIант Элъясайп;
15 Напталан тIаьхьенах – Iайнанан кIант АхьираI».
16 Уьш бу халкъана юкъара схьакхайкхина болу,
шайн дайн тукхамашкахь тхьамданаш болу,
исраилхойн тайпанийн коьртехь болу нах.
17 ЦIераш яьхна и нах шайца дIабигира Мусас а,
АхIарона а. 18 ШолгIачу беттан хьалхарчу дийнахь
дерриге а халкъ дIагулдира цара. ТIаккха халкъо
цаьрга дIадовзийтира шайн схьадовлар, шайн
тукхамашка а, доьзалшка а хьаьжжина. ХIора а
ткъа шо а, цул лакхара а хан йолчун цIе дIаязйора,
19 Везачу Эло Мусана тIедиллина ма-хиллара.
Иштта халкъан хьесап дира Мусас Синай олучу
яьссачу арахь.
20 Исраилан дуьххьарлера доьзалхо волчу
Раабанан тIаьхьенах дIаязвира, шайн тукхамашка
а, доьзалшка а хьаьжжина, хIораннан цIе а
йоккхуш, ткъа шо а, цул лакхара а хан йолу,
эскарехь гIуллакх дан мегаш волу массо а боьрша
стаг. 21 Раабанан тайпанах багарбинарш шовзткъе
ялх эзар пхи бIе стаг вара (46500).
22 ШимIин тIаьхьенах дIаязвира, шайн
тукхамашка а, доьзалшка а хьаьжжина, хIораннан
цIе а йоккхуш, ткъа шо а, цул лакхара а хан йолу,
эскарехь гIуллакх дан мегаш волу массо а боьрша
стаг. 23 ШимIин тайпанах хьесап динарг шовзткъе
ткъайоьсна эзар кхо бIе стаг вара (59300).
24 Гадин тIаьхьенах дIаязвира, шайн тукхамашка
а, доьзалшка а хьаьжжина, хIораннан цIе а
йоккхуш, ткъа шо а, цул лакхара а хан йолу,
эскарехь гIуллакх дан мегаш волу массо а боьрша

† *1:1-46 Лелар 26:1-51.*

стаг. 25 Гадин тайпанах вагарвинарг шовзткъе пхи
эзар ялх бIе шовзткъе итт стаг вара (45650).
26 ЯхIудан тIаьхьенах дIаязвира, шайн
тукхамашка а, доьзалшка а хьаьжжина, хIораннан
цIе а йоккхуш, ткъа шо а, цул лакхара а хан йолу,
эскарехь гIуллакх дан мегаш волу массо а боьрша
стаг. 27 ЯхIудан тайпанах вагарвинарг кхузткъе
вейтта эзар ялх бIе стаг вара (74600).
28 Иссарханан тIаьхьенах дIаязвира, шайн
тукхамашка а, доьзалшка а хьаьжжина, хIораннан
а цIе а йоккхуш, ткъа шо а, цул лакхара а хан йолу,
эскарехь гIуллакх дан мегаш волу массо а боьрша
стаг. 29 Иссарханан тайпанах хьесап винарг
шовзткъе вейтта эзар виъ бIе стаг вара (54400).
30 Забулан тIаьхьенах дIаязвира, шайн
тукхамашка а, доьзалшка а хьаьжжина, хIораннан
цIе а йоккхуш, ткъа шо а, цул лакхара а хан йолу,
эскарехь гIуллакх дан мегаш волу массо а боьрша
стаг. 31 Забулан тайпанах хьесап винарг шовзткъе
вуьрхIитта эзар виъ бIе стаг вара (57400).
32 Юсупан кIант волчу Эпрайман тIаьхьенах
дIаязвира, шайн тукхамашка а, доьзалшка а
хьаьжжина, хIораннан цIе а йоккхуш, ткъа шо а,
цул лакхара а хан йолу, эскарехь гIуллакх дан
мегаш волу массо а боьрша стаг. 33 Эпрайман
тайпанах хьесап винарг шовзткъа эзар пхи бIе стаг
вара (40500).
34 Маннашан тIаьхьенах дIаязвира, шайн
тукхамашка а, доьзалшка а хьаьжжина, хIораннан
цIе а йоккхуш, ткъа шо а, цул лакхара а хан йолу,
эскарехь гIуллакх дан мегаш волу массо а боьрша
стаг. 35 Маннашан тайпанах хьесап винарг ткъе
шийтта эзар ши бIе стаг вара (32200).
36 Бен-Яманан тIаьхьенах дIаязвира, шайн
тукхамашка а, доьзалшка а хьаьжжина, хIораннан
цIе а йоккхуш, ткъа шо а, цул лакхара а хан йолу,
эскарехь гIуллакх дан мегаш волу массо а боьрша
стаг. 37 Бен-Яманан тайпанах хьесап винарг ткъе
пхийтта эзар виъ бIе стаг вара (35400).
38 Данан тIаьхьенах дIаязвира, шайн тукхамашка
а, доьзалшка а хьаьжжина, хIораннан цIе а
йоккхуш, ткъа шо а, цул лакхара а хан йолу,
эскарехь гIуллакх дан мегаш волу массо а боьрша
стаг. 39 Данан тайпанах хьесап винарг кхузткъе ши
эзар ворхI бIе стаг вара (62700).
40 Ашаран тIаьхьенах дIаязвира, шайн
тукхамашка а, доьзалшка а хьаьжжина, хIораннан
цIе а йоккхуш, ткъа шо а, цул лакхара а хан йолу,
эскарехь гIуллакх дан мегаш волу массо а боьрша
стаг. 41 Ашаран тайпанах хьесап винарг шовзткъе
цхьа эзар пхи бIе стаг вара (41500).
42 Напталан тIаьхьенах дIаязвира, шайн
тукхамашка а, доьзалшка а хьаьжжина, хIораннан
цIе а йоккхуш, ткъа шо а, цул лакхара а хан йолу,
эскарехь гIуллакх дан мегаш волу массо а боьрша
стаг. 43 Напталан тайпанах хьесап винарг шовзткъе
кхойтта эзар виъ бIе стаг вара (53400).
44 Уьш бара Мусас а, АхIарона а хьесап биначарна
юкъабахана болу багарбинарш. Цара хьесап деш,
цаьрца цхьаьна бара исраилхойн баьччанаш а.
ХIора тайпанара цхьацца волу шийтта стаг вара
уьш. 45 Шайн доьзалшка хьаьжжина, ткъа шо а, цул
лакхара а хан а йолуш, Исраилан эскарехь гIуллакх
дан мегаш болчу исраилхойн а динера хьесап.
46 Царах багарбинчарна юкъаваханарг вара ялх бIе
кхо эзар пхи бIе шовзткъе итт стаг (603550).
47 Ткъа левихой ца богIура шайн дайн
тукхамашца багарбинчарна юкъа, 48 хIунда аьлча
Везачу Эло Мусага аьллера: 49 «Левин тайпанах
берш багарбинчарна юкъа ма бахийта, церан
исраилхошца цхьаьна хьесап а ма де. 50 Ткъа
левихой къобалбе тоьшаллин четарна а, цуьнан
пхьегIашна а, цуьнца доьзна долчу дерриг
хIуманна а тIехь куьйгалла дан. Цаьрга леладайта и
*Делан четар* а, цунна оьшу гIуллакх а дайта. Шаьш
совца дезачу меттигехь цу четарна гонах шайн
*меттамотт* дIахIоттабайта цаьрга. 51 Делан четар
кхечу метте дахьа дезаш хилахь, иза левихошка
хьалаайийта. Нагахь санна и четар охьадилла
дезахь, иза левихошка охьа а диллийта. Амма
цунна тIе левихойх воцу цхьа стаг тIегIортахь, иза
вуьйр ву. 52 Исраилан тIаьхьенах волу хIорра а стаг
шен тайпанан меттамотт болчохь а, шен байракх
хьалаайина йолчохь а, шайн тIеман тобанашка
хьаьжжина, саца веза. 53 Ткъа левихоша шаьш
совца беза меттиг тоьшаллин четарна гонах
билгалъяккха еза, исраилхошна тIехь оьгIазалла
ца хилийтархьама. Левихой оцу четарна уллохь ха
деш лаьттар бу». 54 И дерриг а кхочушдира
исраилхоша. Везачу Эло Мусана тIедиллина ма-
хиллара, кхочушдира цара и дерриге а.

### Исраилхойн тайпанийн меттаметтанаш дIанисдар

2 Везачу Эло Мусага а, АхIароне а элира:
2 «Исраилан халкъо шайн меттаметтанаш,
къеста а деш, гуламан четарна гонах дIахIитто
деза. ХIора стага шен тайпанан байракх
хьалаайинчохь, шен доьзалан билгало йолчохь,
*меттамотт* дIахIотто беза.
3 Малхбалехьа, малх схьаккхетачу агIор, ЯхIудан
тайпанан меттаматтан байракх хьалаойур ю, ткъа
оцу тайпанах болу нах, шайн тIеман тобанашка
хьаьжжина, цигахь дIанислур бу. ЯхIудан тайпанна
тIехь куьйгалла дийр ду Iамминадабан кIанта
Нахьшона. 4 Цуьнан эскарехь вагарвинарг кхузткъе
вейтта эзар ялх бIе тIемало ву (74600).
5 ЯхIудан тайпанна юххехь Иссарханан тайпано
шен меттамотт дIахIоттор бу. Оцу тайпанна тIехь
куьйгалла дийр ду ЦуIаран кIанта Натунаила.
6 Цуьнан эскарехь вагарвинарг шовзткъе вейтта
эзар виъ бIе тIемало ву (54400).
7 ЯхIудан тайпанна юххехь Забулан тайпано а шен
меттамотт дIахIоттор бу. Оцу тайпанна тIехь
куьйгалла дийр ду Хьелонан кIанта Элиаба.

8 Цуьнан эскарехь вагарвинарг шовзткъе
вуьрхIитта эзар виъ бIе тIемало ву (57400).
9 ЯхIудан меттаматтахь вагарвинарг верриге а цхьа
бIе везткъе ялх эзар виъ бIе стаг ву, шайн тIеман
тобанашка хьаьжжина. Уьш исраилхой дIабоьлхуш
хьалхабевлла баха беза.
10 Къилбехьа йолчу агIор Раабанан тайпанан
меттаматтан байракх хьалаойур ю, ткъа оцу
тайпанах болу нах, шайн тIеман тобанашка
хьаьжжина, цигахь дIанислур бу. Оцу тайпанна
тIехь куьйгалла дийр ду Шидауран кIанта Элицура.
11 Цуьнан эскарехь вагарвинарг шовзткъе ялх эзар
пхи бIе тIемало ву (46500).
12 Раабанан тайпанна юххехь ШимIин тайпано шен
меттамотт дIахIоттор бу. Оцу тайпанна тIехь
куьйгалла дийр ду Цура-Шидин кIанта Шелумиала.
13 Цуьнан эскарехь вагарвинарг шовзткъе
ткъайоьсна эзар кхо бIе тIемало ву (59300).
14 Раабанан тайпанна юххехь Гадин тайпано а шен
меттамотт дIахIоттор бу. Оцу тайпанна тIехь
куьйгалла дийр ду РаIалан кIанта Элъясайпа.
15 Цуьнан эскарехь вагарвинарг шовзткъе пхи эзар
ялх бIе шовзткъе итт тIемало ву (45650).
16 Раабанан меттаматтахь вагарвинарг верриге а
цхьа бIе шовзткъе цхьайтта эзар виъ бIе шовзткъе
итт стаг ву, шайн тIеман тобанашка хьаьжжина.
Уьш, исраилхой дIабоьлхуш, шолгIачу меттехь хир
бу.
17 Цул тIаьхьа гуламан четар а, иза дIахьош долу
левихойн тайпа а дIагIур ду, дуьххьарлерчу шина
меттаматтана а, тIаьххьарчу шина меттаматтана а
юккъехь. Шайн меттаметтанаш дIанисдина кеп ма-
хиллара, дIагIур бу уьш. ХIора стаг шен-шен
меттехь, шен байракх хьалаайинчохь, хир ву.
18 Малхбузехьа йолчу агIор Эпрайман тайпанан
меттаматтан байракх хьалаойур ю, ткъа оцу
тайпанах болу нах, шайн тIеман тобанашка
хьаьжжина, цигахь дIанислур бу. Оцу тайпанна
тIехь куьйгалла дийр ду IамихIудан кIанта Эли-
ШамаIа. 19 Цуьнан эскарехь вагарвинарг шовзткъа
эзар пхи бIе шовзткъе итт тIемало ву (40500).
20 Эпрайман тайпанна юххехь Маннашан тайпано
шен меттамотт дIахIоттор бу. Оцу тайпанна тIехь
куьйгалла дийр ду Падацуран кIанта Гамлиала.
21 Цуьнан эскарехь вагарвинарг ткъе шийтта эзар
ши бIе тIемало ву (32200).
22 Эпрайман тайпанна юххехь Бен-Яманан тайпано
а шен меттамотт дIахIоттор бу. Оцу тайпанна тIехь
куьйгалла дийр ду ГидIонин кIанта Авданис.
23 Цуьнан эскарехь вагарвинарг ткъе пхийтта эзар
виъ бIе тIемало ву (35400).
24 Эпрайман меттаматтахь вагарвинарг верриге а
цхьа бIе бархI эзар цхьа бIе тIемало ву, шайн
тIеман тобанашка хьаьжжина. Уьш дIабоьлхуш
кхоалгIачу меттехь хир бу.
25 Къилбаседехьа йолчу агIор Данан тайпанан
меттаматтан байракх хьалаойур ю, ткъа оцу
тайпанах болу нах, шайн тIеман тобанашка
хьаьжжина, цигахь дIанислур бу. Оцу тайпанна
тIехь куьйгалла дийр ду Iами-Шидин кIанта
АхьиIазара. 26 Цуьнан эскарехь вагарвинарг
кхузткъе ши эзар ворхI бIе тIемало ву (62700).
27 Данан тайпанна юххехь Ашаран тайпано шен
меттамотт дIахIоттор бу. Оцу тайпанна тIехь
куьйгалла дийр ду Iухранан кIанта ПагIиала.
28 Цуьнан эскарехь варгарвинарг шовзткъе цхьа
эзар пхи бIе тIемало ву (41500).
29 Данан тайпанна юххехь Напталан тайпано а шен
меттамотт дIахIоттор бу. Оцу тайпанна тIехь
куьйгалла дийр ду Iайнанан кIанта АхьираIа.
30 Цуьнан эскарехь вагарвинарг шовзткъе кхойтта
эзар виъ бIе тIемало ву (53400).
31 Данан меттаматтахь вагарвинарг верриге а цхьа
бIе шовзткъе вуьрхIитта эзар ялх бIе тIемало ву.
Уьш, исраилхой дIабоьлхуш, шайн байракхашка
хьаьжжина, тIаьххьарчу меттехь хир бу».
32 Иштта, шайн доьзалшка хьаьжжина,
багарбинера исраилхой. Меттаметтанашкахь
болчу нехан, шайн тIеман тобанашка хьаьжжина,
хьесап дича, уьш верриге а ялх бIе кхо эзар пхи бIе
шовзткъе итт тIемало вара (603550). 33 Везачу Эло
Мусана тIедиллина ма-хиллара, Исраилан
тIаьхьенах болчу нехан хьесап деш, левихой багар
ца бира.
34 Иштта Везачу Эло Мусана тIедиллинарг
дерриге а кхочушдира исраилхоша. Цу тайпана,
шайн байракхаш хьалаайинчохь, шайн
меттаметтанашкахь дIахIуьттура уьш, ткъа иштта,
хIорра а шайн тайпанашца а, доьзалшца а
дIабоьлхура уьш.

### АхIаронан тIаьхье

3 ХIара ду АхIаронан а, Мусан а тIаьхьенах
хилларг, Синай цIе йолчу лам тIехь Веза Эла
Мусага вистхиллачу хенахь. 2 †АхIаронан кIентийн
цIераш хIорш ю: дуьххьарлера доьзалхо вара
Надаб, цул тIаьхьа бина кIентий бара АбихIу,
ЭлиIазар, Итамар. 3 Уьш яра динан дай хиллачу
Далла гIуллакх дан леррина къобалбинчу
АхIаронан кIентийн цIераш. 4 ††Надаб а, АбихIу а
Везачу Элана хьалха велира, цара Синай цIе йолчу
яьссачу арахь лато магийна йоцу цIе Цунна хьалха
еача. Ткъа цу шиннан бераш хилла а дацара. Шайн
да АхIарон дийна мел волчу хенахь, ЭлиIазара а,
Итамара а Далла, динан дайша санна, гIуллакх
дора.

### Левин тайпа къобалдар

5 Везачу Эло Мусага элира: 6 «Левин тайпанах
берш, схьа а гулбай, АхIаронна хьалха дIахIиттабе,
цаьрга цунна гIуллакх дайтархьама. 7 АхIаронан а,
дерриге а халкъан а дуьхьа гуламан четарна
хьалха ха дайта цаьрга, иштта четарца боьзна болу
болх байта цаьрга. 8 Массо а исраилхойн дуьхьа

† *3:2 Лелар 26:60.* †† *3:4 Iамалъяр 10:1, 2; Лелар 26:61.*

гуламан четаран ерриге пхьегIаш а ларъяйта
цаьрга, иштта четарца боьзна болу болх а байта
цаьрга. 9 АхIаронан а, цуьнан кIентийн а кара дIало
и левихой. Исраилан тIаьхьенах уьш леррина
АхIаронан кара дIабелларш бу. 10 АхIарон а, цуьнан
кIентий а къобалбе, шайн динан дайн даржехь
лело дезаш долу гIуллакх цаьрга лардайтархьама.
И гIуллакх дан левихойх воцу цхьаъ гIортахь, иза
вуьйр ву».
11 Везачу Эло Мусага элира: 12 «ЛадогIа! Ас-Айса
левихой хаьржина исраилхошна юкъара хьалха
дуьнен чу бевллачу берриге а исраилхойн
кIентийн метта. Иштта, левихой Сан долахь хир бу,
13 †хIунда аьлча доьзалшкахь хьалха дуьнен чу
бевлла кIентий берриге а Сан долахь бу. Айса
мисархойн хьалха дуьнен чу бевлла кIентий
берриге а байинчу дийнахь, исраилхойн
доьзалшкахь хьалха дуьнен чу бевлла массо а
кIентий а, иштта хьалха хилла массо а дийнаташ а
Сайн битина Аса. Уьш Сан хила деза. Со Веза Эла
ву».

### Левихой багарбар

14 Синай цIе йолчу яьссачу арахь Везачу Эло
Мусага элира: 15 «Левин тIаьхье шайн доьзалшца а,
шайн тукхамашца а ягаръе. Цхьа бутт а, цул
лакхара а хан йолу хIора кIант вагарве». 16 Везачу
Эло аьлла ма-хиллара, Цо тIедиллинарг кхочуш а
деш, уьш багарбира Мусас.
17 Левин кIентийн цIераш яра: ГIиршан, КхахIат,
Мерари.
18 ГIиршанан тIаьхьенан цIераш церан тукхамашца
яра: Ливани, ШамаIи.
19 КхахIатан тIаьхьенах болчеран цIераш церан
тукхамашца яра: Iамрам, Ицхьар, Хьеврон, Iузиал.
20 Мерарин тIаьхьенан цIераш церан тукхамашца
яра: Махьли а, Мушхьи а.
Уьш Левин тIаьхьенан тукхамаш ду, церан
доьзалшка хьаьжжина.
21 ГIиршанах даьллера Ливанин а, ШамаIин а
тукхамаш. Уьш ГIиршанах девлла тукхамаш дара.
22 Цхьа бутт а, цул лакхара а хан йолу верриге а
боьрша стаг вагарвича, уьш ворхI эзар пхи бIе
боьрша стаг вара (7500). 23 ГIиршанан тIаьхьенийн
тукхамаша шайн *меттамотт* Делан четарна тIехьа,
малхбузехьа агIор, дIахIотто безара. 24 ГIиршанан
доьзалийн баьчча вара Лаалан кIант Элъясайп.
25 ГIиршанан тIаьхьенах болчарна тIедиллинера
гуламан четаран иштта хIуманаш Iалашъян:
чухуларчу четаран а, тIехуларчу четаран а, четарна
тIехула лаьцначу кхалоран а, четарна чуволучу
меттехь йолчу шаршун а, 26 четарна а, кхерчана а
гонах йолу керт нисъеш йолчу шаршуйн а, кертан
кевнехь йолчу шаршун а, цаьрца доьзна долчу
машшийн а. Цул сов, царна тIедиллинера оцу
хIуманашца боьзна болу белхаш бар.

27 КхахIатах схьадаьллера Iамраман а, Ицхьаран
а, Хьевронан а, Iузиалан а тукхамаш. Уьш
КхахIатан тукхамаш дара. 28 Цхьа бутт а, цул
лакхара а хан йолу верриге а боьрша стаг
вагарвича, уьш бархI эзар ялх бIе стаг вара (8600).
КхахIатан тукхамна тIедиллинера еза хIуманаш
ларъян. 29 КхахIатан тIаьхьенийн тукхамаша шайн
меттамотт Делан четарна къилбехьа агIор
дIахIотто безара. 30 КхахIатан доьзалийн баьчча
вара Iузиалан кIант Эли-Цапан. 31 Цара дола дан
дезачунна юкъайогIура хIара хIуманаш: Делан
тIорказ а, стол а, стогар а, кхерчаш а, четарна чохь
гIуллакх дан леррина язйина пхьегIаш а, четаран
уггар езачу чоьнна хьалха оьллина кирхьа а, иштта
цаьрца боьзна болу белхаш бар а.
32 Левихойн баьччанашна тIехь волу баьчча вара
*динан да* волчу АхIаронан кIант ЭлиIазар. Еза
хIуманаш Iалашъеш болчарна тIехь куьйгалла дан
къобалвинера иза.
33 Мерарих схьадаьллера Махьлин а, Мушхьин а
тукхамаш. Уьш Мерарин тукхамаш дара. 34 Цхьа
бутт а, цул лакхара а хан йолу верриге а боьрша
стаг вагарвича, уьш ялх эзар ши бIе стаг вара
(6200). 35 Мерарин доьзалийн баьчча вара Абу-
Хьаилан кIант Цуриал. Цара шайн меттамотт Делан
четарна къилбаседехьа агIор дIахIотто безара.
36 Мерарин тIаьхьенна дола де аьлларш хIара
хIуманаш яра: четаран гураш а, цуьнан хьокхий а,
бIогIамаш а, цуьнан баххаш а, берриг цуьнан гIирс
а. Царна тIедиллинера оцу хIуманашца боьзна
болу белхаш бар. 37 Иштта цара дола дан дезара:
гонахарчу кертан бIогIамийн а, церан баххийн а,
машшаш чIагIдеш тухуш долчу дечиган
хьостамийн а, машшийн а.
38 Мусас а, АхIарона а, цуьнан кIенташа а шайн
меттамотт Делан четаран малхбалехьа агIор,
гуламан четарна хьалхахь дIахIотто безара. Царна
тIедиллинера Делан четар лардар – иза дерриге а
исраилхойн дуьхьа деш долу гIуллакх дара. Ткъа
нагахь царна юкъара воцу цхьаъ цунна улло
гIоьртича, иза вен дезара. 39 Везачу Эло
тIедилларца Мусас а, АхIарона а вагарвина волу
цхьа бутт а, цул лакхара а хан йолу верриге а
боьрша левихо, церан тукхамашка хьаьжжина,
ткъе ши эзар вара (22000).

### Дуьнен чу хьалха бевллачийн метта левихой хIиттор

40 Везачу Эло Мусага элира: «Исраилан тIаьхьенах
дуьнен чу хьалха бевллачу боьршачу нахах цхьа
бутт а, цул лакхара а хан ерш багарбе, церан
хIораннан цIе дIа а язъеш. 41 Хьалха дуьнен чу
бевллачу боьршачу исраилхойн метта левихой, дIа
а къастабай, Суна лерина хилийта. Со Веза Эла ву!
Ткъа исраилхойн хьалха дуьнен чу даьллачу
бежанийн метта левихойн бежанаш а Суна лерина
хилийта». 42 Везачу Эло шена тIедиллина ма-
хиллара, исраилхойн хьалха дуьнен чу бевлла

† *3:13 Арадаккхар 13:2.*

берриге а кIентий багарбира Мусас. 43 Уьш верриге а шайн цIерашца дIаязбина болчу боьршачу нахах цхьа бутт а, цул лакхара а хан йолу ткъе ши эзар ши бIе кхузткъе кхойтта стаг вара (22273).

44 Везачу Эло Мусага элира: 45 «Исраилхойн хьалха дуьнен чу бевллачу кIентийн метта левихой схьаэца, иштта левихойн бежанийн метта церан бежанаш схьаэца, левихой Сан долахь хилийтархьама. Со Веза Эла ву. 46 Левихойн барамал сов волчу исраилхойн хьалха дуьнен чу ваьллачу ши бIе кхузткъе кхойтта кIантана тIера мах схьаэца. 47 Цхьана стагана тIера пхи *шекхал* схьаэца, дезачу шекхале хьаьжжина (цхьана дезачу шекхалан барам чу ткъа гер † догIу). 48 И ахча АхIаронна а, цуьнан кIенташна а левихойл совбевллачу исраилхошна тIера дIало». 49 Мусас схьаийцира оцу совбевллачу исраилхойн метта дIалуш долу ахча. 50 И ахча схьаэцнера исраилхойн хьалха дуьнен чу бевллачу боьршачу нахана тIера. Цхьа эзар кхо бIе кхузткъе пхиъ шекхал дети ахча, дезачу шекхалан бараме хьаьжжина, схьаийцира царна тIера. 51 Левихойл совбевллачу исраилхошна тIера, мах а белла, схьаэцна и ахча, Везачу Эло шена тIедиллина ма-хиллара, АхIароне дIаделира Мусас.

### КхахIатан тIаьхьенах болчу нахана тIедиллина гIуллакх

4 Везачу Эло Мусага а, АхIароне а элира: 2 «Левин тIаьхьенах долчу КхахIатан гаранах болу берриге а боьрша нах багар а бай, хьесап де, церан тукхамашка а, доьзалшка а хьаьжжина. 3 Ткъе итт шарера шовзткъе итт шаре бевлла гуламан четар чохь гIуллакх дан магийтина болу берриге а нах багарбе. 4 КхахIатан тIаьхьенах болчу нахана гуламан четар чохь бан тIебехкина болу белхаш уггар езачу хIуманашца боьзна бу.

5 *Меттамотт* болчуьра исраилхой новкъа бовлуш, АхIароне а, цуьнан кIенташка а, *Делан четар* чу а бовлийтий, тоьшаллин тIорказна дуьхьал оьллина кирхьа схьаэцийта. Иза тIорказна тIетасийта. 6 Цул тIаьхьа цу тIорказна тIе хIордан дийнатийн кIеда тIаьрсиган тIетосург тасийта. Ткъа цунна тIехула сийна бос болу тIергIан кIади а тасий, тIорказан хьоккхий шен чIагарех чекхдахийта.

7 Иштта даздина баьпкаш тIехь долчу стоьла тIе а тасийта сийна басахь йолу шаршу. Цу тIе бошхепаш, еш, боганаш, чагIаран сагIанаш чудутту кедаш охьадахка. Гуттар а цигахь хила деза бепиг а латтаде цу тIехь. 8 Оцу массо а хIуманна тIехула цIен басахь долу кIади тIедиллийта. Ткъа цу тIе хIордан дийнатийн кIедачу тIаьрсиган тIетосург тасийта. ТIаккха хьоккхий стоьлан чIагарех чекхдахийта.

9 Цул тIаьхьа сийна бос болу тIергIан кIади тасийта серло луш болчу стогарна тIе а, цуьнан къуьданашна а, тукаршна а, богуш берг дIасабахьачу нойшна а, къуьданаш чу дутту даьтта чохь долчу кхабанашна а тIе. 10 И ерриг хIума а, хIордан дийнатийн кIедачу тIаьрсиган шаршу тIе а тасий, дIасакхоьхьучу экханна тIе яхкийтийта.

11 Дашочу кхерчана тIе а тасийта сийна бос болу кIади. Ткъа цу тIе хIордан дийнатийн кIедачу тIаьрсиган шаршу тIе а тасий, кхерчан чIагарех хьоккхий чекхдахийта. 12 Делан четар чохь Iамал еш лело къастийна пхьегIаш сийна бос болчу кIадина юккъе дIахьарчае, тIаккха цунна тIехула хIордан дийнатийн кIедачу тIаьрсиган шаршу а йиллий, дIасакхоьхьучу экханна тIе яхкийта. 13 Чуьра юкъ дIа а яккхий, сагIа доккхучу кхерчана тIе а сирла-цIен бос болу кIади тасийта. 14 Цул тIаьхьа кхерчана уллохь Iамал еш лелош йолу ерриг хIума а схьагулъяйта: богуш болу кIора дIасакхоьхьу нойш, мIерий, белаш, боганаш. И ерриге а хIуманаш кхерча тIехь йолчу сирла-цIен бос болчу кIадина тIе яхкийта. ТIаккха оцу хIуманашна тIе хIордан дийнатийн кIедачу тIаьрсиган шаршу а тасий, хьоккхий кхерчан чIагарех чекхдахийта. 15 АхIарона а, цуьнан кIенташа а Делан четар чуьра езачу хIуманашна тIе кIадеш тасар чекхдаьллачул тIаьхьа, меттамотт дIабоккхучу хенахь, кхахIатхой тIебахкийта уьш дIаяхьа. Амма езачу хIуманех уьш хьакха ма балийта, шаьш ца балийтархьама.

Делан четар чуьра и хIуманаш КхахIатан тIаьхьенах болчу наха яхьа еза.

16 *Динан да* волчу АхIаронан кIентан ЭлиIазаран карахь ду къуьданаш чу дутту даьтта а, *хаза хьожа йогIу хIума* а, хIора дийнахь дахьаш долу кIен сагIа а, къобалваран зайтдаьтта а. Цо дола дийр ду дерриге а Делан четаран а, цунна чохь мел йолчу езачу хIуманан а, пхьегIийн а».

17 Везачу Эло Мусага а, АхIароне а элира: 18 «Варелаш! Левихойн юкъара КхахIатан тукхамийн гара дIа ма даккхийталаш! 19 Уггар а езачу хIуманашна тIебоьлхучу хенахь, уьш дийна бисийтархьама, аша хIара дан деза: АхIарона а, цуьнан кIенташа а, Делан четар чу а баьхкина, хIора кхахIатхо шен гIуллакх дечу метте дIа а хIоттош, цара дIаяхьа еза хIума гайта еза царна. 20 Амма кхахIатхой, езачу хIуманашка хьажархьама, ур-атталла бIаьрганегIар тухучу юкъана а, четар чу баха ца беза, шаьш ца балийтархьама».

### ГIиршанан тIаьхьенах болчу нахана тIедиллина гIуллакх

21 Везачу Эло Мусага элира: 22 «ГIиршанан гаранах берш багар а бай, церан хьесап де, шайн доьзалшка а, тукхамашка а хьаьжжина. 23 Ткъе итт шарера шовзткъе итт шаре бевлла гуламан четар чохь гIуллакх дан магийна болу берриге а нах багарбе. 24 ГIиршанан тIаьхьенах болчу наха, шаьш гIуллакх деш а, хIуманаш дIахьош а, хIара дан деза: 25 гIиршанхоша дахьа деза: чухулара четар а, гуламан четар а, цуьнан *кхалор* а, цунна тIехула хIордан дийнатийн кIедачу тIаьрсигах йина йолу

† *Гер *– цхьа гер 0,6 грамм озаран барам бу.**

кхалор а, четарна чуволучу меттехь йолу шаршу а,
26 четарна а, кхерчана а гонах йолу керт нисъеш
йолу шаршуш а, кертан кевнехь йолу шаршу а,
цаьрца доьзна долу машшаш а, оцу дерригенна а
оьшуш болу гӀирс а. Оцу хӀуманашца доьзна дан
дезаш мел долу гӀуллакх а кхочушдан деза цара.
27 АхӀаронан а, цуьнан кӀентийн а омрица
кхочушдан деза ГӀиршанан тӀаьхьенах болчара
шайна тӀедиллина муьлхха а гӀуллакх: хӀуманаш
дӀахьош и делахь а, кхин болх шаьш беш белахь а.
Цара дӀахьош мел йолчу хӀуманан дола дар
тӀедилла царна. 28 Цу тайпана белхаш бан беза
ГӀиршанан тӀаьхьенах болчу наха, шаьш Делан
четарца доьзна долу гӀуллакх деш, шайна тӀехь
куьйгалла деш динан ден АхӀаронан кӀант Итамар а
волуш».

### Мерарин тӀаьхьенах болчу нахана тӀедиллина гӀуллакх

29 «Мерарин гаранах берш багарбе, шайн
тукхамашка а, доьзалшка а хьаьжжина. 30 Ткъе итт
шарера шовзткъе итт шаре бевлла гуламан четар
чохь гӀуллакх дан магийна болу берриге а нах
багарбе. 31 Гуламан четарца боьзна болчу церан
белхашка хьаьжжина, цара дӀаяхьа езаш йолу
хӀуманаш хӀорш ю: четаран гураш а, цуьнан
хьокхий а, бӀогӀамаш а, цуьнан баххаш а,
32 гонахарчу кертан бӀогӀамаш а, иштта церан
баххаш а, чӀагӀдеш тухуш долу дечиган хьостамаш
а, машшаш а, берриг цуьнан гӀирс а, оцу
хӀуманашца боьзна болу белхаш бар а. Цара
дӀаяхьа езачу хӀора хӀуманан, цуьнан цӀе а
йоккхуш, хьесап де. 33 Цу тайпана белхаш бан беза
Мерарин тӀаьхьенах болчу наха, шаьш Делан
четарца доьзна долу гӀуллакх деш, шайна тӀехь
куьйгалла деш динан ден АхӀаронан кӀант Итамар а
волуш».

### Левихойн багарбар

34 Мусас а, АхӀарона а, Исраилан халкъан
куьйгалхоша а КхахӀатан тӀаьхьенах болу нах
багарбира церан тукхамашца а, доьзалшца а.
35 Ткъе итт шарера шовзткъе итт шаре бевлла
гуламан четарца доьзна гӀуллакх дан магийна болу
берриге а нах, 36 шайн тукхамашка хьаьжжина
багарбича, ши эзар ворхӀ бӀе шовзткъе итт стаг
вара (2750). 37 Уьш бара КхахӀатан тӀаьхьенах болу
гуламан четарна лерина гӀуллакх деш болу
багарбина нах. Мусас а, АхӀарона а церан хьесап
динера, Везачу Эло Мусагахула тӀедиллина ма-
хиллара.
38 Иштта КхахӀатан тӀаьхьенах болу нах багарбира
церан тукхамашца а, доьзалшца а. 39 Ткъе итт
шарера шовзткъе итт шаре бевлла гуламан
четарца доьзна гӀуллакх дан магийтина болу
берриге а нах, 40 шайн тукхамашка хьаьжжина
багарбича, ши эзар ялх бӀе ткъе итт стаг вара
(2630). 41 Уьш бара ГӀиршанан тӀаьхьенах болу
гуламан четарца доьзна гӀуллакх деш болу
багарбина нах. Мусас а, АхӀарона а церан хьесап
динера, Везачу Эло Мусагахула тӀедиллина ма-
хиллара.
42 Мерарин тӀаьхьенах болу нах а багарбира,
церан тукхамашца а, доьзалшца а. 43 Ткъе итт
шарера шовзткъе итт шаре бевлла гуламан
четарна гӀуллакх дан магийтина болу берриге а
нах, 44 шайн тукхамашка хьаьжжина багарбича, кхо
эзар ши бӀе стаг вара (3200). 45 Уьш бара Мерарин
тӀаьхьенах болу багарбина нах. Мусас а, АхӀарона а
церан хьесап динера, Везачу Эло Мусагахула
тӀедиллина ма-хиллара. 46 Иштта Мусас а, АхӀарона
а, Исраилан халкъан куьйгалхоша а вагарвинера
Левин тӀаьхьенах волу хӀора стаг а, шайн
тукхамашца а, доьзалшца а. 47 Ткъе итт шарера
шовзткъе итт шаре бевлла гуламан четарца доьзна
гӀуллакх дан а, четар дӀадахьа а магийтина болу
берриге а нах 48 багарбича, бархӀ эзар пхи бӀе
везткъа стаг вара (8580).
49 Везачу Эло Мусагахула тӀедиллина ма-хиллара,
уьш хӀора а шайн билгалдаьккхинчу гӀуллакхе дӀа а
хӀиттийнера, цара шаьш новкъа довлуш яхьа езарг
билгал а яьккхинера. Везачу Эло Мусага динчу
омрица, исраилхой багар а бина, церан хьесап
динера.

### Далла гергахь цӀена боцурш

5 Везачу Эло Мусага элира: 2 «Исраилхошна
тӀедилла чкъураца дӀа ца йоьрзу цамгар ерш а,
дегӀах тӀуналла схьаяьлларш а, веллачух
хьакхабаларна Далла гергахь бехбелларш а
берриге а шайна юкъара дӀалахкар. 3 Иштта цӀена
боцурш – божарий я зударий уьш белахь а –
меттаматтана юьстах арабаха, Со шуна юкъахь Ӏаш
волу шайн *меттамотт* цаьрга бех ца байтархьама».
4 Исраилан халкъо иштта дан а дира. Цу тайпана
долу адамаш шайн меттаматтана юьстах
арадехира исраилхоша, Везачу Эло Мусана
тӀедиллина ма-хиллара.

### Зуламаш дарна бекхам бар

5 †Везачу Эло Мусага элира: 6 «Иштта дӀаала
исраилхошка: „Нагахь санна цхьана стага я зудчо,
Везачу Элана хьалха тешаме а ца хуьлуш, адамаша
латош долу къа латадахь, и стаг бехке хуьлу
7 Цундела оцу къинош летийначара шайгара
даьлларг даре дан а деза, зулам хиллачунна богӀуш
болу берриге а мах дӀабала а беза, цул сов
пхоьалгӀа дакъа тӀе а тухуш. 8 Нагахь санна шена
мах бала беза стаг веллехь, ткъа цуьнан цхьа а
юххера гергара стаг а вацахь, и мах Везачу Элан
долахь хуьлу. Иза динан дега дӀакховдо беза. Цул
сов, зулам даьллачу стеган къинош дӀадаха лерина
болу ка а бала беза цо. 9 Нагахь исраилхойх

† *5:5-8 Ӏамалъяр 6:1-7.*

цхьаммо Далла дӀакъастийначух хӀума яхьахь, и
сагӀа схьаоьцуш волчу динан ден бакъо ю иза
шена йита. Иза цунна йогӀуш ю. 10 Иштта, Далла
дӀакъастийнарг динан дена йогӀу. Цхьаммо
совгӀатна хӀума яхьахь, иза а динан дена догӀу“».

### Эмгараллех лаьцна бакъо

11 Везачу Эло Мусага элира: 12 «Исраилхошка,
дӀахьедар а деш, иштта дӀаала: „Нагахь зуда,
майрачунна ямартло а йина, 13 иза шен майрачух
лачкъа а дина, кхечу стагаца лелаш хилар цхьаммо
гучудаккхахь (нахаца лелаш йоллучохь иза схьа ца
лецира, хӀунда аьлча оцунна теш ца хилла),
14 цуьнан майра эмгараллин сино карзахваккха
тарло, цу зудчо ямартло ярна. Иштта, иза цхьана а
стагаца ца леллехь а, цуьнан майра эмгараллин
сино карзахваккха тарло. 15 Цу стага, шен зуда
динан дена тӀе а ялийна, цунна тӀера бархӀ кад
мекхан дама дан деза. Амма оцу демах я
зайтдаьтта, я *хаза хьожа йогӀу хӀума* тоха ца еза.
ХӀунда аьлча иза стага шен эмгараллина тӀера
Везачу Элана лерина дахьаш долу кӀен сагӀа ду. Иза
зулам дагалоцуш дахьаш долу сагӀа ду.
16 Ткъа динан дас и зуда, схьа а ялийна, Везачу
Элана хьалха дӀахӀотто еза. 17 ТӀаккха оцу динан дас
деза хи, схьа а эцна, кхийра кхаби чу дотта деза.
Цул тӀаьхьа, *Делан четар* чуьра цӀенкъара латта а
даьккхина, иза цу кхаби чу таса деза. 18 И хӀума
динчул тӀаьхьа, динан дас и зуда Везачу Элана
хьалха дӀахӀоттор ю. ТӀаккха цу зудчун месаш дӀа а
хецна, дагалацаран сагӀа – эмгараллина тӀера
деана кӀен сагӀа – зудчун кара дӀалур ду динан дас.
Ткъа динан ден карахь хир ду неӀалт тӀедоуьйту
къаьхьа хи. 19 ТӀаккха динан дас, цу зудчуьнга
харцдерг дийца мегар дац аьлла, чӀагӀо а йойтуш,
эр ду: ‘Нагахь ахьа хьо марехь йолчу хенахь, кхечу
стагаца а лелла, хьайн майрачунна ямартло ца
йинехь, хӀокху неӀалт тӀедоуьйтучу хино хьуна цхьа
а тайпана зе дийр дац. 20 Амма хьайн майрачунна
ямарта а хилла, хьайн майра иза воццушехь, кхечу
стагаца хьо леллехь, – 21 оцу меттехь динан дас оцу
зудчуьнга неӀалт кхайкхоран чӀагӀо йойтур ю, –
Везачу Эло хьан халкъе хьуна неӀалт
кхайкхадойтуьйла. Цо хьан гӀогӀаш а толхуьйтийла,
хьан кийра а боьстуьйтийла †. 22 НеӀалт тӀедоуьйту
хӀара хи хьан дегӀа чу долийла, хьан кийра а
боьстуьйтуш, хьан гӀогӀаш а толхуьйтуш’.
ТӀаккха цу зудчо: ‘ *Амин*, иза иштта хуьлийла’, –
ала деза.
23 НеӀалт хьажош долу и дешнаш динан дас кехат
тӀе дӀаяздан деза, оцу хина тӀера дешнаш, кехат
даша а дина, къаьхьачу хи чохь диса деза. 24 И хи
цу зудчуьнга дӀамалийта деза. НеӀалт тӀедоуьйтучу
цу къаьхьачу хино, цуьнан кийра а дахана, цуьнга
Ӏазап хьегийта тарло. 25 Динан дас, эмгаралла
хилар бахьанехь деана кӀен сагӀа зудчун карара
схьа а эцна, Везачу Элана лерина хьала а айина,
сагӀа доккхучу кхерчана тӀехьур ду. 26 Динан дас,
сагӀина деанчу кӀен цхьа кана, дагалацаран сагӀа
санна, схьа а эцна, кхерчана тӀе а диллина, дагор
ду. Цул тӀаьхьа и хи зудчуьнга дӀамолуьйтур ду цо.
27 Нагахь зуда, ша бех а еш, шен майрачунна
ямарта хиллехь, и хи мелча, неӀалт тӀедоуьйтучу цу
хино, чу а дахана, цуьнга доккха Ӏазап хьоьгуьйтур
ду. Цуьнан кийра а бестар бу, цуьнан гӀогӀаш а
телхар ду. Цуьнан халкъ, цунна неӀалт а кхайкхош,
цунах дӀадоьрзур ду. 28 Нагахь и зуда шен
майрачунна хьалхахь бехке ца хиллехь, динан дас
иза бехке йоцийла а хоуьйтур ду, цуьнан бераш а
хир ду.
29 Иштта ю эмгаралла юкъаяьлча хила еза бакъо,
нагахь зудчо, шен майрачунна ямартло а йина, къа
латадахь, 30 я нагахь майрачун шен зудчух тешам
байнехь, цо ямартло йина аьлла. Динан дас, и зуда
Везачу Элана хьалха дӀа а хӀоттийна, оцу бакъоно
ма-бохху, дерриге а кхочушдан деза. 31 Майра
цхьана а тайпана бехке хир вац, ткъа зуда, цо къа
латийнехь, жоьпе озор ю“».

### Назархошна хӀиттийна бакъонаш

6 Везачу Эло Мусага элира: 2 «Исраилхошка,
дӀахьедар а деш, иштта дӀаала: „Нагахь санна
шуна юкъара стагана я зудчунна, Везачу Элана
лерина ша къобалвина назархо †† хилархьама,
шатайпа нигат дан лаахь, 3 ‡цо я чагӀар, я кхин
тайпана вахош долу малар мала ца деза. Иштта цо
чагӀарх я кхечу маларх дина къонза а, кемсех дина
мутта а мала мегар дац, ткъа керла я якъийна
кемсаш а яа мегар дац цо. 4 Ша назархо хиларан
деношкахь, цхьана а тайпана кемсех яьккхина
хӀума яа ца еза цо. Ур-атталла кемсийн хӀу а, чкъор
а даа ца деза.
5 Ша назархо хила нигат динчу дерриге а
деношкахь цу стеган корта ларга мегар дац. Ша
Везачу Элана лерина къобалвина денош
чекхдовллалц, иза Делан долахь а ву, цо шен
коьртара месаш яхъялийта а еза. 6 Иштта, ша
Везачу Элана лерина къобалвинчу дерриге а
деношкахь докъана юххе ваха а мегар дац и стаг.
7 Ур-атталла шен да я нана, ваша я йиша
дӀакхелхича а, царах хьакха а велла, Далла гергахь
ша бехван мегар дац цо, хӀунда аьлча ша Далла
лерина къобалваран билгало ю цуьнан коьрта
тӀехь. 8 Ша назархо хиларан дерриге а деношкахь
иза Везачу Элан долахь ву.
9 Ткъа нагахь, дагахь а доцуш, цӀеххьана цунна
юххехь волу цхьаъ валарна, ша назархо хиларан
билгалонна йолу шен коьртара месаш Далла
гергахь цо бехъяхь, шен корта ворхӀалгӀачу
дийнахь дӀабаша беза цо, хӀунда аьлча цу хенахь

† *Хьан гӀогӀаш а толхуьйтийла, хьан кийра а боьстуьйтийла *– схьахетарехь, цуьнан маьӀна иштта ду: *хьан кхин цкъа а доьзалхо хир вац, ткъа хьо хӀинца доьзалхочух елахь, хьан бер, дуьнен чу а ца долуш, лийр ду.**

†† *Назархо *– ма-дарра аьлча, иза «ша къобалвинарг» ву.**

‡ *6:3 Лака 1:15.*

иза юха а цIанлур ву. [10] БорхIалгIачу дийнахь динан
дега иза гуламан четар чу волучу меттехь я ши
къоркхокха, я ши кхокха дIабала беза цо. [11] Цхьа
кхокха къинан сагIина, шолгIаниг – дагоран
сагIина дIаоьцур бу динан дас оцу стагана тIера
къинош дIадахаран Iадат кхочушдархьама, хIунда
аьлча оцу стага докъах хьакхаваларехула къа
латийна. Оццу дийнахь шен корта юха а Далла
лерина къобалбан беза цо. [12] ТIаккха цо юха а ша
Везачу Элана лерина къобалвеш долу назархо
хиларан денош дIадоло деза. Иштта, цу стага цхьа
шо кхаьчна боьрша Iахар а беана, иза къера
хиларан сагIина дIабала беза динан дега. Иза
назархо хиларан цуьнан денош дIадайна, и денош
цо юха карладаха деза, ша, докъах а хьакхавелла,
бехвелла дела.
[13] †Шен назархо хиларан денош чекхдевлча,
назархочунна хIоттийна *товрат-хьехам* иштта бу. И
стаг, гуламан четарна чу воллучу метте а вигина,
[14] Везачу Элана лерина сагIа доккхур ду. Дийнаташ
дагоран сагIина цо бан беза тIехь цхьа а сакхт доцу
шаре баьлла Iахар. Къинан сагIина а бан беза тIехь
цхьа а сакхт доцу шаре баьлла жий. Ткъа бертан
сагIина бан беза тIехь цхьа а сакхт доцу ка.
[15] Тускар а дан деза, чохь совсазчу бедах деттина
хьокхамаш а долуш: зайтдаьттанца эдинчу
тоьллачу демах дина совсаза бепиг а, зайтдаьтта
тIехьаькхна дуткъа совсаза хьокхамаш а, царна
догIу кIен а, чагIаран а сагIанаш а.
[16] Динан дас и ерриге а хIума Везачу Элана
уллояхьар ю, цул тIаьхьа къинан сагIа а, дагоран
сагIа а доккхур ду. [17] ТIаккха совсазчу бедах дина
бепиг чохь долу тускар а схьадахьар ду Везачу
Элана лерина. Цуьнца цхьаьна ка а бахьар бу
бертан сагIина. Цунна доггIу кIен а, чагIаран а сагIа
а доккхур ду. [18] Гуламан четарна чуволлучохь
Везачу Элана лерина йитина йолу месаш дIа а
йохуш, корта дIабаша беза цо. Бертан сагIина
кIелахь йолчу цIерана тIе йохкур ю и месаш.
[19] Ша назархо хиларан билгало еш хилла йолу
месаш дIа а яьхна, цу стага шен корта дIабаьшча,
динан дас коьман кхехкийна тIа цуьнан кара лур
ду. Цул тIаьхьа тускар чуьра цхьацца совсаза бепиг
а, буткъа хьокхам а лур бу. [20] И ерриг хIума а,
Везачу Элана лерина шатайпа сагIа санна,
хьалаойур ю динан дас. Иза дегадаран сагIа ду.
Уьш еза а ю, динан ден долахь а ю. Накха а, гIогI а
иштта динан дена догIу. Цул тIаьхьа цу назархочо
чагIар мала мегар ду.
[21] Иштта бу назархочунна богIу товрат-хьехам.
Ша назархо хиларна догIу сагIанаш даьхна а ца
Iаш, шен таро елахь, цо Везачу Элана кхин
сагIанаш дахаран нигат дан а тарло. Ша нигат
дарца чIагIо еш ма-хиллара, назархочун товрат-
хьехаме хьаьжжина, иза кхочушдан деза цо“».

† *6:13-21 Векалийн 21:23, 24.*

### Динан дайша декъалдар

[22] Везачу Эло Мусага элира: [23] «АхIароне а, цуьнан
кIенташка а иштта дIаала: „Исраилхой цу тайпана
декъалбе:
[24] Везачу Эло шу декъал а дойла,
Цо шу лар а дойла!
[25] Везачу Эло Шен юьхь тIера серло шуна
лепайойла,
Иза шуьца къинхетаме а хуьлийла!
[26] Везачу Эло Шен юьхь шуна тIе ерза а йойла,
Цо шуна синпаргIато а лойла!“»
[27] Везачу Эло кхин а элира: «Нагахь санна динан
дайша, Сан цIе а йоккхуш, исраилхошна тIехь
декъалбаран дешнаш алахь, Аса декъалбийр бу
исраилхой».

### Исраилан халкъан тайпанийн куьйгалхоша сагIина деанарг

7 Ша *Делан четар* дIахIоттийна ваьллачу
дийнахь Мусас иза а, цу чохь мел йолу хIума а,
*сагIа доккху кхерч* а, цуьнца мел болу гIирс а,
даьттанца къобал а бина, базбира. Цо и хIуманаш
ерриге а язйича, [2] шайн доьзалийн баьччанаш
болу Исраилан халкъан куьйгалхой баьхкира.
Халкъ дагардечу хенахь тайпанашна тIехь
куьйгалла деш берш бара уьш. [3] Цара Везачу Элана
сагIина лерина совгIаташ деара: гата тоьхна йолу
ялх ворда а, царах дIабожа шишша сту а. Иштта,
халкъан шина куьйгалхочо цхьацца ворда а
еанера, ткъа хIораммо а цхьацца сту а балийнера.
Уьш Делан четарна хьалхахь дIахIоттийра цара.
[4] Везачу Эло Мусага элира: [5] «Халкъан куьйгалхоша
еанарг схьаэца. Гуламан четарца доьзна долу
гIуллакх деш болчаьрга лелаяйта уьш. Левихошка
дIало уьш, царна шаьш дечу гIуллакха тIехь оьшур
ю и хIуманаш». [6] Мусас, цаьргара ворданаш а,
стерчий а схьа а эцна, уьш левихошка дIаделира.
[7] Ши ворда а, биъ сту а ГIиршанан тIаьхьенах
болчу нахе дIабелира, цара кхочушдеш долчу
гIуллакхашка хьаьжжина. [8] Йиъ ворда а, бархI сту а
Мерарин тIаьхьенах болчу нахе дIабелира, цара
деш долчу гIуллакхашка хьаьжжина. Царна
массарна а тIехьожуш вара *динан да* волчу
АхIаронан кIант Итамар. [9] Ткъа КхахIатан
тIаьхьенах болчарна ца белира цо уьш, хIунда
аьлча царна тIедиллина дара, уьш, меттах а
бевлла, кхечу метте дIабоьлхучу хенахь четаран
еза хIуманаш шайн белшаш тIехь дIаяхьар.
[10] СагIа доккху кхерч базбинчу дийнахь халкъан
куьйгалхоша совгIаташ деара, кхерч Везачу Элана
лерина къобалбархьама. Шайн совгIаташ цара
кхерчана хьалха дIахIиттадора. [11] Везачу Эло
Мусага элира: «ХIора дийнахь куьйгалхойх
цхьацца сагIа доккху кхерч къобалбарна лерина
долу шен совгIат даийта».

12 Хьалхарчу дийнахь яхIудхойн тайпанах волчу
IамминадабанкIанта Нахьшона шен совгIаташ
деара. 13 Цо еанарг яра: цхьа бIе ткъе итт *шекхал*
барамехь узуш долу цхьа дато бошхап, дезачу
шекхале † хьаьжжина. Иштта кхузткъе итт шекхал
барамехь узуш долу цхьа дато бога. КIен сагIина
лерина зайтдаьттанца эдина кIен дама деанера
царна чохь. 14 Иштта итт шекхал барамехь узуш
болу дашо цхьа кад беанера, хаза хьожа йогIу
сегIаз чохь а долуш. 15 Дагоран сагIина лерина цхьа
старгIа, цхьа ка, шаре баьлла цхьа Iахар беанера.
16 Къинан сагIина лерина цхьа бож еанера.
17 Бертан сагIина лерина беанера ши сту, пхи ка,
пхи бож, шаре баьлла болу пхи Iахар. Уьш дара
Iамминадабан кIанта Нахьшона деана совгIаташ.
18 ШолгIачу дийнахь иссарханхойн куьйгалхо
волчу ЦуIаран кIанта Натунаила шен совгIаташ
деара. 19 Цо еанарг яра: цхьа бIе ткъе итт шекхал
барамехь узуш долу цхьа дато бошхап, дезачу
шекхале хьаьжжина. Иштта кхузткъе итт шекхал
барамехь узуш долу цхьа дато бога. КIен сагIина
лерина зайтдаьттанца эдина кIен дама деанера
царна чохь. 20 Иштта итт шекхал барамехь узуш
болу дашо цхьа кад беанера, хаза хьожа йогIу
сегIаз чохь а долуш. 21 Дагоран сагIина лерина цхьа
старгIа, цхьа ка, шаре баьлла цхьа Iахар беанера.
22 Къинан сагIина лерина цхьа бож еанера.
23 Бертан сагIина лерина беанера ши сту, пхи ка,
пхи бож, шаре баьлла пхи Iахар. Уьш дара ЦуIаран
кIанта Натунаила деана совгIаташ.
24 КхозлагIчу дийнахь забулхойн куьйгалхо волчу
Хьелонан кIанта Элиаба шен совгIаташ деара. 25 Цо
еанарг яра: цхьа бIе ткъе итт шекхал барамехь
узуш долу цхьа дато бошхап, дезачу шекхале
хьаьжжина. Иштта кхузткъе итт шекхал барамехь
узуш долу цхьа дато бога. КIен сагIина лерина
зайтдаьттанца эдина кIен дама деанера царна
чохь. 26 Иштта итт шекхал барамехь узуш болу
дашо цхьа кад беанера, хаза хьожа йогIу сегIаз
чохь а долуш. 27 Дагоран сагIина лерина цхьа
старгIа, цхьа ка, шаре баьлла цхьа Iахар беанера.
28 Къинан сагIина лерина цхьа бож еанера.
29 Бертан сагIина лерина беанера ши сту, пхи ка,
пхи бож, шаре баьлла пхи Iахар. Уьш дара
Хьелонан кIанта Элиаба деана совгIаташ.
30 ДоьалгIачу дийнахь раабанхойн куьйгалхо
волчу Шидауран кIанта Элицура шен совгIаташ
деара. 31 Цо еанарг яра: цхьа бIе ткъе итт шекхал
барамехь узуш долу цхьа дато бошхап, дезачу
шекхале хьаьжжина. Иштта кхузткъе итт шекхал
барамехь узуш долу цхьа дато бога. КIен сагIина
лерина зайтдаьттанца эдина кIен дама деанера
царна чохь. 32 Иштта итт шекхал барамехь узуш
болу дашо цхьа кад беанера, хаза хьожа йогIу
сегIаз чохь а долуш. 33 Дагоран сагIина лерина цхьа
старгIа, цхьа ка, шаре баьлла цхьа Iахар беанера.
34 Къинан сагIина лерина цхьа бож еанера.
35 Бертан сагIина лерина беанера ши сту, пхи ка,
пхи бож, шаре баьлла болу пхи Iахар. Уьш дара
Шидауран кIанта Элицура деана совгIаташ.
36 ПхоьалгIачу дийнахь шамIахойн куьйгалхо
волчу Цура-Шидин кIанта Шелумиала шен
совгIаташ деара. 37 Цо еанарг яра: цхьа бIе ткъе итт
шекхал барамехь узуш долу цхьа дато бошхап,
дезачу шекхале хьаьжжина. Иштта кхузткъе итт
шекхал барамехь узуш долу цхьа дато бога. КIен
сагIина лерина зайтдаьттанца эдина кIен дама
деанера царна чохь. 38 Иштта итт шекхал барамехь
узуш болу дашо цхьа кад беанера, хаза хьожа йогIу
сегIаз чохь а долуш. 39 Дагоран сагIина лерина цхьа
старгIа, цхьа ка, шаре баьлла цхьа Iахар а беанера.
40 Къинан сагIина цхьа бож еанера. 41 Бертан
сагIина лерина беанера ши сту, пхи ка, пхи бож,
шаре баьлла пхи Iахар. Уьш дара Цура-Шидин
кIанта Шелумиала деана совгIаташ.
42 ЙолхалгIачу дийнахь гадахойн куьйгалхо волчу
ДаIуалан кIанта Элъясайпа шен совгIаташ деара.
43 Цо еанарг яра: цхьа бIе ткъе итт шекхал
барамехь узуш долу цхьа дато бошхап, дезачу
шекхале хьаьжжина. Иштта кхузткъе итт шекхал
барамехь узуш долу цхьа дато бога. КIен сагIина
лерина зайтдаьттанца эдина кIен дама деанера
царна чохь. 44 Иштта итт шекхал барамехь узуш
болу дашо цхьа кад беанера, хаза хьожа йогIу
сегIаз чохь а долуш. 45 Дагоран сагIина лерина цхьа
старгIа, цхьа ка, шаре баьлла цхьа Iахар беанера.
46 Къинан сагIина лерина цхьа бож еанера.
47 Бертан сагIина лерина беанера ши сту, пхи ка,
пхи бож, шаре баьлла пхи Iахар. Уьш дара
ДаIуалан кIанта Элъясайпа деана совгIаташ.
48 ВорхIалгIачу дийнахь эпраймхойн куьйгалхо
волчу IамихIудан кIанта Эли-ШамаIа шен
совгIаташ деара. 49 Цо еанарг яра: цхьа бIе ткъе итт
шекхал барамехь узуш долу цхьа дато бошхап,
дезачу шекхале хьаьжжина. Иштта кхузткъе итт
шекхал барамехь узуш долу цхьа дато бога. КIен
сагIина лерина зайтдаьттанца эдина кIен дама
деанера царна чохь. 50 Иштта итт шекхал барамехь
узуш болу дашо цхьа кад беанера, хаза хьожа йогIу
сегIаз чохь а долуш. 51 Дагоран сагIина лерина цхьа
старгIа, цхьа ка, шаре баьлла цхьа Iахар беанера.
52 Къинан сагIина лерина цхьа бож еанера.
53 Бертан сагIина лерина беанера ши сту, пхи ка,
пхи бож, шаре баьлла пхи Iахар. Уьш дара
IамихIудан кIанта Эли-ШамаIа деана совгIаташ.
54 БорхIалгIачу дийнахь маннашхойн куьйгалхо
волчу Падацуран кIанта Гамлиала шен совгIаташ
деара. 55 Цо еанарг яра: цхьа бIе ткъе итт шекхал
барамехь узуш долу цхьа дато бошхап, дезачу
шекхале хьаьжжина. Иштта кхузткъе итт шекхал
барамехь узуш долу цхьа дато бога. КIен сагIина
лерина зайтдаьттанца эдина кIен дама деанера
царна чохь. 56 Иштта итт шекхал барамехь узуш
болу дашо цхьа кад беанера, хаза хьожа йогIу

† *Деза шекхал *– цхьа деза шекхал шийтта грамм барамал дара.**

сегIаз чохь а долуш. 57 Дагоран сагIина лерина цхьа
старгIа, цхьа ка, шаре баьлла цхьа Iахар беанера.
58 Къинан сагIина лерина цхьа бой еанера.
59 Бертан сагIина лерина беанера ши сту, пхи ка,
пхи бой, шаре баьлла пхи Iахар. Уьш дара
Падацуран кIанта Гамлиала деана совгIаташ.
60 УьссалгIачу дийнахь бен-яманхойн куьйгалхо
волчу ГидIонин кIанта Авданис шен совгIаташ
деара. 61 Цо еанарг яра: цхьа бIе ткъе итт шекхал
барамехь узуш долу цхьа дато бошхап, дезачу
шекхале хьаьжжина. Иштта кхузткъе итт шекхал
барамехь узуш долу цхьа дато бога. КIен сагIина
лерина зайтдаьттанца эдина кIен дама деанера
царна чохь. 62 Иштта итт шекхал барамехь узуш
болу дашо цхьа кад беанера, хаза хьожа йогIу
сегIаз чохь а долуш. 63 Дагоран сагIина лерина цхьа
старгIа, цхьа ка, шаре баьлла цхьа Iахар беанера.
64 Къинан сагIина лерина цхьа бож еанера.
65 Бертан сагIина лерина беанера ши сту, пхи ка,
пхи бож, шаре баьлла пхи Iахар. Уьш дара
ГидIонин кIанта Авданис деана совгIаташ.
66 УьтталгIачу дийнахь Данахойн куьйгалхо волчу
Iами-Шидин кIанта АхьиIазара шен совгIаташ
деара. 67 Цо еанарг яра: цхьа бIе ткъе итт шекхал
барамехь узуш долу цхьа дато бошхап, дезачу
шекхале хьаьжжина. Иштта кхузткъе итт шекхал
барамехь узуш долу цхьа дато бога. КIен сагIина
лерина зайтдаьттанца эдина кIен дама деанера
царна чохь. 68 Иштта итт шекхал барамехь узуш
болу дашо цхьа кад беанера, хаза хьожа йогIу
сегIаз чохь а долуш. 69 Дагоран сагIина лерина цхьа
старгIа, цхьа ка, пхи бож, шаре баьлла цхьа Iахар
беанера. 70 Къинан сагIина лерина цхьа бож
еанера. 71 Бертан сагIина лерина беанера ши сту,
пхи ка, пхи бож, шаре баьлла пхи Iахар. Уьш дара
Iами-Шидин кIанта АхьиIазара деана совгIаташ.
72 ЦхьайтталгIачу дийнахь Ашар-къоман
куьйгалхо волчу Iухранан кIанта ПагIиала шен
совгIаташ деара. 73 Цо еанарг яра: цхьа бIе ткъе итт
шекхал барамехь узуш долу цхьа дато бошхап,
дезачу шекхале хьаьжжина. Иштта кхузткъе итт
шекхал барамехь узуш долу цхьа дато бога. КIен
сагIина лерина зайтдаьттанца эдина кIен дама
деанера царна чохь. 74 Иштта итт шекхал барамехь
узуш болу дашо цхьа кад беанера, хаза хьожа йогIу
сегIаз чохь а долуш. 75 Дагоран сагIина лерина цхьа
старгIа, цхьа ка, пхи бож, шаре баьлла цхьа Iахар
беанера. 76 Къинан сагIина лерина цхьа бож
еанера. 77 Бертан сагIина лерина беанера ши сту,
пхи ка, пхи бож, шаре баьлла пхи Iахар. Уьш дара
Iухранан кIанта ПагIиала деана совгIаташ.
78 ШуьйтталгIачу дийнахь напталхойн куьйгалхо
волчу Iайнанан кIанта АхьираIа шен совгIаташ
деара. 79 Цо еанарг яра: цхьа бIе ткъе итт шекхал
барамехь узуш долу цхьа дато бошхап, дезачу
шекхале хьаьжжина. Иштта кхузткъе итт шекхал
барамехь узуш долу цхьа дато бога. КIен сагIина
лерина зайтдаьттанца эдина кIен дама деанера
царна чохь. 80 Иштта итт шекхал барамехь узуш
болу дашо цхьа кад беанера, хаза хьожа йогIу
сегIаз чохь а долуш. 81 Дагоран сагIина лерина цхьа
старгIа, цхьа ка, шаре баьлла цхьа Iахар беанера.
82 Къинан сагIина лерина цхьа бож еанера.
83 Бертан сагIина лерина беанера ши сту, пхи ка,
пхи бож, шаре баьлла пхи Iахар. Уьш дара
Iайнанан кIанта АхьираIа деана совгIаташ.
84 Уьш дара исраилхойн куьйгалхоша сагIа доккху
кхерч, баз а беш, Везачу Элана лерина иза
къобалбечу дийнахь деана совгIаташ. Цхьаьна а
тоьхна, уьш дагардича, церан жамI иштта хилира:
шийтта дато бога, шийтта дато кад, шийтта дашо
кад. 85 ХIора дато бошхепана даханера цхьа бIе
ткъе итт шекхал, ткъа хIора дато боганна кхузткъе
итт шекхал барамехь долу дети. Цу тайпана оцу
пхьегIашна даханчу детин барам бара, дезачу
шекхале хьаьжжина, ши эзар диъ бIе шекхал дети.
86 Шайна чохь хаза хьожа йогIу сегIаз чохь долчу
шийтта кедах хIора кедана даханера итт шекхал
деши, дезачу шекхале хьаьжжина. Оцу дерриге а
дашо кедашна даханера цхьа бIе ткъа шекхал
деши. 87 Дагоран сагIина лерина деана дийнаташ
дерриге а дара: шийтта старгIа, шийтта ка, шаре
баьлла шийтта Iахар. Царна йогIуш йолу кIен
сагIина лерина хIуманаш цаьрца цхьаьна еанера.
Иштта къинан сагIина лерина еана шийтта бож а
яра. 88 Ткъа бертан сагIина лерина деанера хIара:
ткъе йиъ старгIа, кхузткъа ка, кхузткъа бож, шаре
баьлла болу кхузткъа Iахар. Иштта яра, сагIа доккху
кхерч баз а беш, Мусас иза Везачу Элана лерина
къобалбича, сагIина лерина еана хIума.
89 Муса Везачу Элаца къамел дан гуламан четар
чу ваьлча, тоьшаллин тIорказна тIехь долчу шина
каруб-маликана юккъехь, Дала къинош дIадохучу
негIарна тIехула аз хезара цунна. Цигара Веза Эла
Мусага вистхуьлура.

### Стогаран къуьданаш дIахIиттор

8 †Везачу Эло Мусага элира: 2 «АхIаронна тIе а
дуьллуш, цуьнга иштта дIаала: „Ахь ворхI
къуьда стогар чу дIахIотточу хенахь, цаьрга
стогарна хьалха агIор йолу меттиг серлаяккхийта“».
3 АхIарона кхочушдира иза. Везачу Эло Мусана
тIедиллина ма-хиллара, стогарна хьалха агIор йолу
меттиг серлаяккхийта АхIарона къуьданаш
дIахIиттийра. 4 Стогар иштта бина бара. Иза
берриге а бухара дуьйна лакхарчу зезагашна
тIекхаччалц туьйсинчу деших бинера. Везачу Эло
Мусана гайтина хиллачу суьртехь бинера и стогар.

### Левихой Везачу Элана гергахь цIанбар а, къобалбар а

5 Везачу Эло Мусага элира: 6 «Исраилан халкъана
юкъара левихой, схьа а къастабай, цIанбе. 7 Ткъа
уьш цIанбеш хIара де: къинойх цIанбан лерина

† *8:1-4 Арадаккхар 25:31-40; 37:17-24.*

кечдинчу хин цинцаш тоха царна тIе. Шайн
догIмаш тIера берриге а чо дIабаккхийта цаьрга.
Иштта шайна тIера бедарш а йиттийта цаьрга,
тIаккха уьш Суна хьалха цIанлур бу. 8 СтаргIа а,
цуьнца цхьаьна кIен сагIина лерина деана долчу
зайтдаьттанца эдина дама а схьаэцийта
левихошка. ШолгIа старгIа къинан сагIина схьаэцца
ахьа. 9 Левихой гуламан четарна хьалха
дIахIиттабе. Иштта дерриге а Исраилан халкъ
дIагулде цига. 10 Везачу Элана хьалха дIахIиттабе
левихой, ткъа Исраилан халкъе царна тIе куьйгаш
дахкийта. 11 Исраилхошна тIера долу шатайпа сагIа
санна уьш Везачу Элана хьалха базбайта АхIароне,
Везачу Элан болх бан уьш кечбархьама. 12 Ткъа
левихошка шайн куьйгаш старгIанийн кортош тIе
дахкийта. Царах цхьаъ – къинан сагIа, шолгIаниг –
Везачу Элана лерина долу дагоран сагIа даккха
деза, левихойн къинош дIадахархьама.
13 АхIаронна а, цуьнан кIенташна а хьалха
левихой дIа а хIиттабай, Везачу Элана лерина
шатайпа сагIа санна хьалаайа уьш. 14 Цу тайпана
левихой Исраилан халкъах дIакъастабе, уьш Сан
долахь хилийтархьама. 15 Цул тIаьхьа левихошна
пурба ло гуламан четарна уллобаха а, цуьнца
боьзна болу болх бан а, хIунда аьлча уьш, цIан а
бина, шатайпа сагIа санна, Суна лерина
къобалбина бу. 16 Исраилхошна юкъара уьш Суна
лерина схьакъастийна бу. Ас уьш, хьалха дуьнен чу
ваьлла волчу хIора исраилхочун метта, Сайн дола
баьхна. 17 †Исраилхойн мел хьалха дуьнен чу
даьлла хIума: кIентех а, бежанех а – Сан ду. ХIунда
аьлча Аса Мисар-махкахь хьалха дуьнен чу
даьлларг, кIентех а, бежанех а, дерриг а
хIаллакдинчу дийнахь уьш Сайн дола бехира.
18 ХIинца Аса Исраилан халкъана юкъара берриге а
хьалха дуьнен чу бевллачу кIентийн метта левихой
схьаэцна. 19 Уьш, Исраилан дерриге а халкъана
юкъара схьа а къастийна, Аса АхIаронан а, цуьнан
кIентийн а кара дIабелла, Исраилан халкъан
дуьхьа цаьрга гуламан четарца доьзна долу
гIуллакх дайтархьама а, халкъан къинош
дIадахийтархьама а. ТIаккха бохам тIебогIур бац
Исраилан халкъана, уьш муьлххачу а хенахь езачу
меттигна улло баьхкича».
20 Мусас а, АхIарона а, дерриге а Исраилан халкъо
а кхочушдира Везачу Эло левихойх лаьцна олуш
Мусана тIе мел диллинарг. 21 Левихоша шайн
догIмаш а цIандира, тIера бедарш а йиттира. Цул
тIаьхьа АхIарона уьш Везачу Элана хьалха
шатайпа долу сагIа санна хьала а айира, царна
тIера къинош дIадахаран Iадат кхочуш а дира, уьш
Далла хьалха цIанбархьама. 22 Иза динчул тIаьхьа
левихой гуламан четарца боьзна болу шайн болх
бан хIиттира, АхIарона а, цуьнан кIенташа а церан
тергам а беш. Везачу Эло левихойх лаьцна Мусана
тIедиллина ма-хиллара, дерриг а кхочушдира цара.
23 Везачу Эло Мусага элира: 24 «Иштта ду левихойн
бакъонех лаьцна дерг. Ткъе пхи шо а, цул сов а хан
йолу хIора левихо Делан четарца доьзна долу
гIуллакх дан хIотта веза. 25 Ткъа шайн шовзткъе итт
шо кхаьчча, цара и гIуллакх дар сацо деза, уьш
кхин болх ца бича а бовлу. 26 Шовзткъе итт шо я
цул сов хан йолчара гуламан четар лардарца
доьзначу гIуллакх тIехь шайн вежаршна гIо дан
мегар ду, амма четарца боьзна болчу балхах
лаьцна аьлча – цара и болх бан ца беза. Иштта
лела веза хьо, левихойн лардаран гIуллакхе
хьаьжжина».

## ШозлагIа Пасахь

9 ††Исраилан халкъ Мисар-махкара арадаьллачу
шолгIачу шеран хьалхарчу баттахь Синай цIе
йолчу яьссачу арахь Везачу Эло Мусага элира:
2 «Цунна билгалъяьккхинчу хенахь Исраилан
халкъе *Пасахьан* дезде даздайта. 3 Цу беттан
дейтталгIачу дийнахь, суьйранна, оцу гIуллакхна
билгалъяьккхинчу хенахь, цуьнан массо а
парзашка а, тIедехкинчаьрга а хьаьжжина,
кхочушделаш иза». 4 Мусас Исраилан халкъе
дIахаийтира Пасахьан дезде даздан дезар.
5 Хьалхарчу беттан дейтталгIачу дийнахь,
суьйранна, Синай яьссачу арахь Пасахьан дезде
даздира цара. Везачу Эло Мусагахула шайна
тIедиллинарг дерриге а кхочушдира исраилхоша.
6 Царна юкъахь адамийн докъех куьг
Iоттадаларца Везачу Элана гергахь бехделла
адамаш а дара. Церан бакъо яцара цу дийнахь
Пасахьан дезде даздан. Уьш цу дийнахь Мусана а,
АхIаронна а тIебаьхкира. 7 Оцу наха Мусага элира:
«Адамийн докъех куьг Iоттарна боьха ду тхо Везачу
Элана гергахь. ХIунда яц те тхан а бакъо
исраилхошца цхьаьна билгалъяьккхинчу хенахь
Везачу Элана лерина сагIа даккха?»
8 Мусас цаьрга элира: «Собарделаш, Везачу Эло
шух лаьцна хIун олу ладугIу аса».
9 Везачу Эло Мусага элира: 10 «Исраилхошка
иштта дIаала: „Нагахь шух я шун тIаьхьенах волу
цхьаъ, адаман докъах куьг а Iоьттина, бехвеллехь,
я генна новкъа иза ваьллехь, цо а Пасахьан дезде
даздан деза. 11 Иштта болчара а шолгIачу беттан
дейтталгIачу дийнахь суьйранна кхочушдан деза и
гIуллакх. СагIина беана Iахар совсазчу баьпкаца а,
къаьхьачу бецашца а баа беза цара. 12 ‡Iуьйре
хилале цунах хIумма а ма дита, цуьнан даьIахкаш а
кег ма е. Пасахьах лаьцна массо а тIедехкинчу
парзашка хьаьжжина, кхочушдан деза исраилхоша
и гIуллакх. 13 Ткъа ша цIена воллушехь я генарчу
новкъа ваьлла воццушехь, Пасахьан дезде даз ца
динарг шен халкъана юкъара дIавоккхур ву, цо
шен хеннахь Везачу Элана лерина сагIа ца
даккхарна. Иштта волу стаг ша летийначу къинна
жоьпе озор ву.

† *8:17 Арадаккхар 13:2.*

†† *9:1-5 Арадаккхар 12:1-13.* ‡ *9:12 Арадаккхар 12:46; Яхьъя 19:36.*

14 Шуна юкъахь Iаш тIевеана стаг велахь, ткъа
цунна а Везачу Элана лерина Пасахьан дезде
даздан лаахь, цо и гIуллакх, Пасахьан парзаш а,
цуьнан тIедехкинарш а лар а деш, кхочушдан деза.
Шун массеран а цхьатерра парзаш хила деза –
тIевеанчу стеган а, шен схьавалар исраилхойх
волчуьнан а“».

### Некъ гойтуш йолу марха

(Арадаккхар 40:34-38)

15 *Делан четар* дIахIоттийначу дийнахь оцу
тоьшаллин четарна тIе марха хIоьттира. Сарахь
дуьйна сахиллалц четарна тIехула йолу марха цIе
санна гуш яра. 16 Иза гуттара а иштта хуьлура:
дийнахь четарна тIехула марха сецна лаьттара,
ткъа буьйсанна и марха йогуш йолу цIе санна
хуьлура. 17 Четарна тIера марха хьалаайаелча,
исраилхой новкъа бовлура, ткъа и марха сецначу
меттехь цара шайн *меттамотт* дIахIоттабора.
18 Исраилхой Везачу Элан омрица новкъа а
бовлура, Цуьнан омрица совца а совцура. Марха
четарна тIехь сецна лаьттачу массо а ханна
исраилхой шайн меттаматтахь совцура. 19 Нагахь
марха четарна тIехь сецна дукха лаьттича,
исраилхой а, шайга Везачу Эло ма-бохху, кхидIа
новкъа ца бовлура. 20 Наггахь и марха четарна
тIехь сецна кIеззигчу хенахь бен ца лаьттара. Дукха
хан я кIезиг хан иза елахь а, Везачу Элан омрица
уьш совца а совцура, Цуьнан омрица новкъа а
бовлура. 21 Наггахь, сарахь тIе а хIуттий, сахиллалц
бен ца соцура марха. Iуьйре тIееача, марха
хьалаайалора, тIаккха исраилхой новкъа бовлура.
Дийнахь я буса иза делахь а, марха хьалаайаелча,
исраилхой новкъа бовлура. 22 Ткъа нагахь марха
шина дийнахь я цхьана баттахь, я кхин а дукха
йолчу хенахь сецна лаьттича, исраилхой а совцура,
новкъа а ца бовлуш. Марха хьалаайаелча, уьш а
бовлура новкъа. 23 Везачу Элан омрица исраилхой
совца а совцура, Цуьнан омрица новкъа а бовлура.
Везачу Эло Мусагахула тIедиллина ма-хиллара,
кхочушдора цара Везачу Элан омра.

### Дато турбанаш

10 Везачу Эло Мусага элира: 2 «Хьайна дато ши
турба е, халкъ гуламе кхайкха а, *меттамотт*
хуьйцуш нахе хаийта а. 3 И ши турба лекхча, Делан
четарна чуволучохь гуллур ду дерриг а халкъ.
4 Цхьа турба лекхча, исраилхойн хIора ээар стагана
тIе хIиттийна тхьамданаш бен гуллур бац хьуна
гонах. 5 Орца доккхуш турба лекхча, малхбалехьа
меттамотт хIоттийна исраилхой гIовтта беза.
6 ШолгIа а, орца доккхуш турба лекхча, къилбехьа
дIанисбелларш гIовтта беза †. Уьш новкъа бовлуш
а, орца доккхуш турба лакха еза. 7 Халкъ гуламе
кхойкхуш а турба лакха, амма орца доккхуш санна
а ца локхуш. 8 И турбанаш лакха дезарш динан дай
болу АхIаронан кIентий бу. И гIуллакх царна а,
церан тIаьхьенашна а гуттаренна а тIедиллина хир
ду. 9 Шайн махкана тIелеттачу мостагIчунна
дуьхьал тIамца шу доьлхучу хенахь, орца доккхуш,
турба лакха. ТIаккха шайн Везачу Далла дагадогIур
ду шу, Цо шу мостагIех кIелхьардохур ду. 10 Бутт а
цIинбелла, я кхин долу деза денош тIе а хIиттина,
шайн самукъане хан елахь, цунна лерина
дийнаташ дагоран а, барт баран а сагIанаш шаьш
дохучу хенахь турбанаш лакха. Иза шун Далла шу
дагадаийтар хир ду. Со Веза Эла волу шун Дела ву».

### Исраилхойн новкъа бахар

11 Исраилхой Мисар-махкара Дала арабаьхначу
шолгIачу шеран, шолгIачу беттан ткъолгIачу
дийнахь тоьшаллин четарна тIера марха
хьалаайаелира. 12 Синай цIе йолчу яьссачу арара
дIабахара исраилхой. ДIайоьдуш йолу марха Паран
олучу яьссачу арахь сецира.
13 Мусагахула Везачу Эло тIедиллинчу омрица
дуьххьара новкъа бовла кечбелира исраилхой.
14 Хьалха ЯхIудан тIаьхьенах болчу наха айира
байракх, тIеман кепехь шайн тобанаш арайовлуш.
Царна тIехь куьйгалла деш Iамминадабан кIант
Нахьшон вара. 15 Иссарханан тIаьхьенах болчу
нахана тIехь куьйгалла деш ЦуIаран кIант
Натунаил вара. 16 Забулан тIаьхьенах болчу нахана
тIехь куьйгалла деш Хьелонан кIант Элиаб вара.
17 Делан четар, вовшах а даьккхина, дIадахьа
кечдира. Гуттар а шаьш ма-даххьара, ГIиршанан а,
Мерарин а тIаьхьенех болчу наха дIадаьхьира иза.
18 Раабанан тIаьхьенах болчу наха а, шаьш цу
меттигера арадовлуш, шайн байракх айира. Царна
тIехь куьйгалла деш вара Шидауран кIант Элицур.
19 ШимIин тIаьхьенах болчу нахана тIехь куьйгалла
деш вара Цура-Шидин кIант Шелумиал. 20 Гадин
тIаьхьенах болчу нахана тIехь куьйгалла деш вара
ДаIуалан кIант Элъясайп.
21 Царал тIаьхьа КхахIатан тIаьхьенах болу нах
дIабахара. Делан четарна кIел хIоттош долу дерриг
а деза хIума дара цара шайца дIахьош. Уьш керла
меттамотт болчу дIакхачале, четар цигахь
дIахIоттийнера.
22 Эпрайман тIаьхьено а шайн байракх
хьалаайира, шаьш тIеман хьесапехь йолчу
тобанашца арадовлуш. IамихIудан кIант Эли-
ШамаI вара церан куьйгаллехь. 23 Маннашан
тIаьхьенна тIехь куьйгалла деш вара Падацуран
кIант Гамлиал. 24 Царал тIаьхьа богIучу Бен-Яманан
тIаьхьенах болчу нахана тIехь куьйгалла деш вара
ГидIонин кIант Авдани.
25 Байракх а айина, уггаре а тIаьхьа арабевлларш
Данан тIаьхьенах болу нах бара. Царна тIехь
куьйгалла деш вара Iами-Шидин кIант АхьиIазар.
26 Ашаран тIаьхьенах болчу нахана тIехь куьйгалла
деш вара Iухранан кIант ПагIиал. 27 Напталан
тIаьхьенах болчу нахана тIехь куьйгалла деш вара

† *Грекийн гочдар тIехь тIетоьхна ду: *КхозлагIа турба лекхча, хIорд болчу агIор болу исраилхой гIовтта беза. ЙоьазлагIа и лекхча, къилбаседехьа берш гIовтта беза.**

IайнанаН кIант АхьираI. [28] Иштта дIахIоьттинчу
кепаца дIабоьлхура исраилхой тIеман хьесапехь
йолчу тобанашца.
[29] Шен стунден маданхочун РаIалан кIанте
Хьабабе Мусас элира: «Везачу Эло тхайна лур бу
аьллачу махка доьлхуш ду тхо. Схьавола тхоьца,
оха хьуна дика болх бийр бу, хIунда аьлча Везачу
Эло Исраилан халкъана дуккха а диканиг дийр ду
аьлла».
[30] Амма Хьабаба элира: «Со ца вогIу шуьца, сайн
махка, сайн лаьтта тIе дIагIур ву со».
[31] ТIаккха Мусас дехар дира: «Тхо дIа ма тасахьа,
хьуна дика евза хIара яьсса аре, тхуна некъ гойтуш,
хьо хьалхаваьлча, дика хир дара. [32] Хьо тхоьца
вагIахь, Везачу Эло тхайна дина дика хьуна а
кхочуьйтур дара оха».

## Исраилхой новкъа бовлар

[33] Везачу Элан лома уллора кхаа дийнахь новкъа
дIабахара исраилхой. Везачу Элаца барт баран
тIорказ, хьалха а даьккхина, дIахьош дара оцу кхаа
дийнахь, шайна совца меттиг билгалъяккхархьама.
[34] Дийнахь уьш дIабоьлхуш, Везачу Элан марха
лаьтташ яра царна тIехула.
[35] [†]Шаьш тIорказ новкъа доккхуш, Мусас олура:
«ГIаттахьа, Веза Эла!
ХIаллакьхуьлда Хьан мостагIий,
Хьо ца везарш бовдийла Хьох!»
[36] Ткъа шаьш садаIа севцча, деза тIорказ цара
дIахIоттош, Мусас олура:
«Юхаверзахьа, Веза Эла,
эзарнаш исраилхошна тIе!»

## Везачу Элера йолу цIе латар

11 Везачу Элана лен доладелира халкъ. Нехан
къамелаш а хезна, оьгIазваханчу Везачу Эло
царна юкъахь цIе латийра. Уьш лаьттачу меттиган
йист ягийра цIеро. [2] Мусага орца даьккхира халкъо.
Везачу Эле Мусас доIа а дина, цIе дIаяйра. [3] Цу
меттигах ТабIера элира (иза «цIе латар» бохучух
тера ду), хIунда аьлча Везачу Элан цIе летира
халкъана юкъахь цигахь.

## Кхузткъе итт тхьамда

[4] Исраилхошца болу тIебаьхкина нах шайн
лаамаш гучубаха хIиттира. Цаьрца цхьаьна
исраилхой а, резабоцуш, къамелаш дан
буьйлабелира: «Тхуна жижиг хьан лур ду? [5] Мисар-
махкахь маьхза тхаьш биина чIара дагабогIу тхуна,
цигахь наьрсаш а, пастанаш а, сийна хох а,
саьрамсекх а боура оха. [6] ХIинца тхо холчохь ду, „
*ман*“ цIе йолчу цхьана кхачанан буьртигаш
доцурш, оха юуш хIума яц».
[7] ( [††]Ораматан хIу санна а йолуш, тIехьаьжна
сегIазах тера яра и «ман». [8] Наха, арахула
дIабоьлхий, гулйора иза, кохьарца ахьа а охьура (я
махка [‡] чохь ата а отура), кхехка а йора, хьокхамаш
а дора цунах. Зайтдаьтта тоьхначу хьокхамах тера
бара цуьнан чам. [9] [‡†] *Меттамотт* болчохь тхи
диллинчу буса юьллура лаьтта тIе «ман».)
[10] Мусана хезара нах четаршна хьалха шайн
доьзалшкахь боьлхуш. Веза Эла чIогIа
оьгIазваханера, и бахьана долуш дог доьхна Муса
а вара. [11] ТIаккха Мусас элира Везачу Эле: «Хьайн
лай хIунда хьийзаво те Ахьа? Хьо суна реза хIунда
вац те? ХIокху халкъан берриг а бала суна тIе
хIунда билли Ахьа? [12] Ас кийрахь лелийна хIара
халкъ, я ас дуьнен чу даьккхина иза, Ахь соьга ала:
„Нанас лело бер санна, дIахьо и халкъ Ас цуьнан
дайшна лур ду аьллачу лаьтта тIе“? [13] Ас мичара лур
ду дерриг а кху халкъана жижиг? Суна хьалха белха
а боьлхуш, шайна жижиг ло ма боху цу наха.
[14] Соьга цхьаьнга дIа ца кхехьало хIара халкъ,
дукха беза мохь бу иза суна. [15] ХIара гIуллакх Ахь
суна тIедуьллуш хилча, вей, дIаваккха со, Хьо суна
реза велахь. ТIаккха бала хьега дезар дац сан».
[16] Везачу Эло Мусага элира: «Исраилхошна
юкъара, хьайна бевзаш а болуш, халкъана тIехь
куьйгалла деш болчу баккхийчу нахах кхузткъе итт
стаг, къаста а вай, Делан четарна тIе схьавалаве.
Хьайца цигахь дIахIиттабе уьш. [17] Чу а воьссина,
цигахь Ас хьоьца къамел дийр ду, хьоьца долчу
Дезачу Синах, схьаэцна, цхьа дакъа тхьамданашна
а кхочуьйтур ду Ас, халкъан баланаш хьоьца
цхьаьна цаьрга а дIакхехьийта. [18] Халкъе дIаала:
„Шаьш Суна лерина хилийта цIена хила, хIунда
аьлча кханалерчу дийнахь аша жижиг дуур ду.
Везачу Элана хезна шу доьлхуш: ‘Тхуна жижиг хьан
лур ду? Мисарахь тхо дика Iаш дара’, – бохуш,
цундела Цо лур ду шуна даа жижиг. [19] Аш иза
цхьана дийнахь а, шина дийнахь а, кхаа а, итт а,
ткъа дийнахь а диъна Iийр дац, [20] амма цхьана
баттахь дуур ду, иза сов а даьлла,
мерIуьргашкахула схьадоладаллалц. Иза шуна хир
ду шайна юкъахь волу Веза Эла аша ца ларарна а,
шу Цунна: ‘Тхо Мисарара ара хIунда даьхна?’ –
бохуш, делхарна а“».
[21] Мусас элира: «Ялх бIе эзар гIашло ву цу
халкъана юкъахь, ткъа Ахь боху: „Ас царна жижиг
лур ду цхьана баттахь даъал!“ [22] Дерриг а уьстагIий
а, стерчий а дайича, тоьур дарий те уьш халкъана?
Я хIорда чуьра берриг а чIара схьабаьккхича,
цунах нахана кхачо хир ярий те?»
[23] Везачу Эло Мусага элира: «Везачу Элан ницкъ
ца кхочуш хIун ду? Хьуна гур ду, Аса хьоьга аьлларг
кхочушхуьлу я ца хуьлу».
[24] Мусас, ара а ваьлла, халкъе дIахаийтира Везачу
Элан къамел. Нахана юкъара кхузткъе итт тхьамда
а гулвина, уьш Делан четарна хьалха дIахIиттийра
цо. [25] Мархи юкъахь чувоьссинчу Везачу Эло
къамел дира Мусаца. Цуьнгара Дезачу Синан дакъа
схьа а эцна, кхузткъе итт тхьамдина делира Везачу

† *10:35 Забур 67:2.* †† *11:7, 8 Арадаккхар 16:31.*

‡ *Мохк *– шена чохь хIума отуш йолу пхьегIа.** ‡† *11:9 Арадаккхар 16:13-15.*

Эло. Деза Са шайна тIе доьссича, уьш Делера болу
хаам бан хIиттира нахана, амма юха а севцира.
26 Цу тхьамданашна юкъахь хаьржина Элдад а,
Майдад а цIераш йолу ши стаг вара. Амма четарна
хьалха ца вогIуш, меттамотт болчохь сецнера и
шиъ. Царна тIе а доьссинера Деза Са. ТIаккха и
шиъ Делера болу хаам бан волавелира нахана
юкъахь. 27 Схьахьаьдда веанчу жимачу стага
Мусага элира: «Элдад а, Майдад а меттамотт
болчохь Делера болу хаам беш ву».
28 И хезча, Мусас хаьржина а волуш, цунна гIо
деш волчу Нунин кIанта ЮшаIа элира: «Сан эла
Муса, дехкахьа царна иза!»
29 Амма Мусас жоп делира: «Халкъ сох дIадерзарх
кхоьру хьо? Везачу Элан Деза Са тIе а доьссина,
Цуьнан халкъана юкъара массо а велахьара
Делера хаам беш». 30 Исраилхойн тхьамданаш а
эцна, меттаматте дIавахара Муса.

### Лекъарчий а, ун а

31 Везачу Эло хьакхийтинчу мохо хIорд болчу
агIорхьара лекъарчий деара. Ларта тIехула
локхаллина шина даларан барамехь догIу уьш
исраилхойн меттамотт болчу а, цхьана дийнахь
некъ бал цунна гонах йолчу аренга а охьахевшира
†. 32 Арабевллачу наха цу дийнахь а, буса а,
шолгIачу дийнахь а гулдира лекъарчий. Уггар
кIезиг гулдинчо а кхузткъа тускар гулдира. Шайн
меттамотт болчу гонах йолчу аренгахь
охьадехкира наха уьш. 33 Нехан багахь долу
лекъарчийн жижиг диъна а далале, Везачу Элан
оьгIазалла йоьссира халкъана тIе. Цо хала ун
кхетийтира нахана. 34 Цу меттиган цIе Кхиброт-
ХIатаъву тиллира (иза «сутара» бохург ду), хIунда
аьлча жижигна саьхьара болу нах белира цигахь.
35 Кхиброт-ХIатаъвуера Хьацерут олучу метте
дIабахара исраилхой. Цигахь севцира уьш.

### Маремана таIзар дар

## 12

Марема а, АхIарона а Мусана тIехбеттамаш
бора, цуьнан *хушахо* йолу зуда бахьана
долуш, хIунда аьлча Мусас шена хушахо йолу зуда
ялийнера. 2 Цара вовшашка элира: «Цхьана
Мусагахула бен вист ца хуьлура ткъа Веза Эла?
Вайгахула а вист ма хуьлура Иза». Везачу Элана иза
дIахезира. 3 (Ткъа кху лаьттахь мел долчу адамал
Мусана ша кIезиг хетара.)
4 Везачу Эло цIеххьана Мусага а, АхIароне а,
Мареме а элира: «Шу кхоъ гуламан четар долчу
арадала». Уьш кхоь араделира. 5 Веза Эла, мархин
бIогIамана юкъахь охьа а воссина, четар чу
волучу меттехь дIахIоьттира. Цо АхIароне а,
Мареме а схьакхайкхира. Уьш Везачу Элана
тIебахара. 6 Везачу Эло элира:
«ЛадогIа Сан дешнашка!
Нагахь санна шун пайхамарш белахьара,
Со царна я суьрташкахь дуьхьал хIуттур вара,
я гIенашкахь дуьйцур дара Аса цаьрца.
7 ††Ткъа Сайн ялхо волчу Мусаца иза иштта ца
хуьлу.
Сан дерриге а халкъана тIехь ша дечу
куьйгаллехь иза тешаме ву.
8 Аса цуьнца, юьхь-дуьхьал а волуш, ма-дарра
къамел до,
хIетал-металш а ца далош.
Цунна Везачу Элан васт а го.
Шу муха даьхьнера Сан лай волчу Мусана
тIехтохам бан?»
9 Веза Эла, царна чIогIа дар а велла, дIавахара.
10 Четарна тIехула марха хьалаайаелча, Мареман
дегI ло санна кIайделира, цунна юха ца йоьрзу
*чкъуран цамгар* кхийтира! АхIарон, юха а вирзина,
Мареме дIахьаьжча, цунна гира Маремана кхераме
йолу чкъуран цамгар кхеттийла! 11 ТIаккха АхIарона
Мусага элира: «Сан олахо! КъинтIера валахьа
тхуна, оха, иштта сонта хIума а дина, къа латорна!
12 Ма йисийтахьа иза, ахдегI телхина а долуш,
дуьнен чу долу делла бер санна а йолуш!»
13 Муса, дехар а деш, Везачу Эле кхайкхира:
«Дела! Доьху Хьоьга, оцу цамгарх тоехьа иза!» –
бохуш.
14 ‡Везачу Эло Мусага элира: «Нагахь санна
цуьнан дас цунна юьхь-дуьхьал туй тоьхча, ворхI
дийнахь юьхьIаьржачу хIоьттина Iан ца дезара
цуьнан? ХIинца ворхI денна меттаматтана арахьа
яккха иза, цул тIаьхьа иза юхаерзо мегар ду».
15 Марема меттаматтана арахьа ворхI де даькхира.
Иза юхаяккхалц, халкъ новкъа ца делира

## 13

Цул тIаьхьа, Хьацерут цIе йолчу меттигера
ара а даьлла, халкъ Паран цIе йолчу яьссачу
арахь сецира.

### Латта талла бахийтина нах

(Карлабаьккхинарг 1:19-33)

2 Везачу Эло Мусага элира: 3 «Аса исраилхошна
луш долу канаIанхойн латта талла шайна юкъара
нах бахийта. Шайн дайн тIаьхьенах долчу хIора
тайпанах цхьацца куьйгалхо вахийта». 4 Везачу Эло
тIедиллина ма-хиллара, шаьш Паран цIе йолчу
яьссачу арахь долуш Мусас нах бахийтира цу
лаьтте хьовса. Уьш берриш а исраилхошна юкъахь
коьртанаш бара. 5 Церан цIераш хIорш яра:
Раабанан тIаьхьенах волу Закхуран кIант ШамуI,
6 ШимIин тIаьхьенах волу Хьорин кIант Шапти,
7 ЯхIудан тIаьхьенах волу Епунин кIант Килаб,
8 Иссарханан тIаьхьенах волу Юсупан кIант ИгIал,
9 Эпрайман тIаьхьенах волу Нунин кIант ХIушаI,
10 Бен-Яманан тIаьхьенах волу Рапун кIант Палти,
11 Забулан тIаьхьенах волу Содин кIант Гадиал,
12 Маннашан тIаьхьенах волчу Юсупан тайпанах
волу Сосин кIант Гади,

† *Лаьтта… охьахевшира *– я иштта: *Меттаматтана гонах Iохкура уьш, ерриг а аре дIа а лаьцна. Муьлххачу а агIор дийнахь некъ баллал дукха, цхьана шина – даларан барамехь дара уьш.**

†† *12:7 Iебархошка 3:2.* ‡ *12:14 Лелар 5:2, 3.*

[13] Данан тӀаьхьенах волу Гималин кӀант Iамиал,
[14] Ашаран тӀаьхьенах волу Микаалан кӀант Сатур,
[15] Напталан тӀаьхьенах волу Вопсин кӀант Нахьби,
[16] Гадин тӀаьхьенах волу Макин кӀант Гауал.
[17] Иштта яра Мусас латта талла хьажийначу нехан цӀераш. Нунин кӀантана ХӀушаӀана, ЮшаӀ аьлла, цӀе тиллира Мусас.
[18] Шаьш Паран-яьссачу арахь долуш, дӀахьажийра Мусас и нах канаӀанхойн латта муха ду хьажа. Мусас цаьрга элира: «НегӀаб-яьссачу
аренгахула а гӀой, лаьмнаш тӀе довла. [19] Цигара
латта муха ду а хьовса, цу тӀехь дехаш долу халкъ муха ду а талла: иза ницкъ болуш ду я дац, дукха ду я кӀезиг ду? [20] И халкъ дехаш болу мохк муха бу а
хьовса: иза хаза бу те я декъаза бу те? Церан гӀаланаш муха ю а хьовса. Халкъ четарш чохь Ӏаш ду я дика чӀагӀйинчу гӀаланаш чохь дехаш ду талла.
[21] Латта муха ду а хьовса: токхе ду я ледара ду? Цигахь дитташ ду я дац хьовса. Даггара гӀерталаш, шаьш юхадоьрзуш цу махкахь кхуьуш болу стоьмаш шайца схьабалаш». (Ткъа иза кемсаша стом луш йолу зама яра.)
[22] Цара, дӀа а бахана, Цин-яьссачу арара дуьйна Хьамат-Iинна юххехь йолчу Рахьуб-гӀалина тӀекхаччалц и мохк теллира. [23] *Меттамотт*
болчуьра дӀа а бахана, НегӀаб цӀе йолчу яьссачу аренгахула чекх а бевлла, Хьеврон-гӀала кхечира уьш. Цигахь бехаш бара Iаьнакхан тӀаьхьенах †
йолу Ахьиманан, Шешайн, Талмайн гаранаш. Ткъа Хьеврон-гӀала яра Мисар-махкарчу ЦоӀан-гӀаланал ворхӀ шо хьалха дӀахӀоттийна. [24] Уьш Ашкул цӀе
йолчу тогӀи чу баьхкира. Цигахь, дӀаса а хьаьжна, кемсийн таьллангана тӀера кемсийн хорха тӀехь йолу га хадийра цара. И га гӀуркхана тӀе дихкира, ткъа гӀуркх шина стага хьалаайина дӀабаьхьира. Иштта наран а, инжиран а диттийн стоьмаш а
схьаийцира цара. [25] Оцу меттигна Ашкул †† цӀе
тиллира, исраилхоша схьаяьккхина кемсийн хорха бахьана долуш.
[26] Уьш, и мохк а теллина, шовзткъа де дӀадаьлча, шайн меттамотт болчу юхабирзира. [27] Юха а
бирзина, Паран-яьссачу арахь йолчу Кхадеш йолчу меттехь Мусана а, АхӀаронна а, дерриге а Исраилан халкъана а тӀебаьхкира уьш. Цара шайна гинчух лаьцна жамӀ а дира, шаьш цу махкара схьабеана
стоьмаш а гайтира. [28] Шайна гинарг а дуьйцуш, цара элира: «Ахьа дӀахьажийначу лаьтта тӀе кхечира тхо. Иза билггал шуьрех а, мазах а дуьзна токхе латта ду, ткъа хӀорш бу цу махкара беана
стоьмаш. [29] Цу махкахь дехаш долу халкъ ницкъ
болуш а ду, церан гӀаланаш чӀагӀйина а ю, дикка яккхий а ю. Тхуна-м Iаьнакххахой а гира цигахь.
[30] НегӀаб цӀе йолчу яьссачу арахь бехаш бу Iамалекххахой. Лаьмнашкахь бехаш бу хьетахой, явсайхой, эмархой, ткъа хӀордан йистехь а, Йордан-хин йистехь а бехаш бу канаӀанхой».
[31] Мусана гонах гулделла халкъ те а деш, Килаба элира: «Вай, даха а дахана, и латта ваьшна схьадоккхур ду, хӀунда аьлча иза вайга схьадаккхалур долуш ду».
[32] Ткъа цуьнца баханчара бохура: «Цу халкъана дуьхьалдовлалур дац вай, хӀунда аьлча иза вайл
ницкъ болуш ду!» [33] Цара массаьрга а дуьйцура
исраилхойн ницкъ кхочур бац, цу махкарчу халкъана дуьхьалбовла бохуш. «Тхо хьовсуш чекхдевлла латта шена тӀехь дехаш долу халкъ дӀакхоллуш долу латта ду. Цу махкахь тхуна гина долу дерриге а халкъ ду, дажалийн санна, даккхий
догӀмаш долуш. [34] ‡Цигахь тхуна гира Iаьнакхан
тӀаьхьенах схьабевлла болу даккхий догӀмаш долу дажалш. Царна хьалха тхаьш цӀоз долуш санна хетара тхуна, церан бӀаьргаш чухула тхо а хетара иштта долуш санна».

### Исраилхойн резацахилар

**14** Массара а гӀовгӀанаш ехира, буьйса дӀаяллалц доьлхуш Iийра халкъ. [2] Мусана а,
АхӀаронна а реза бацара нах. Цара цу шинга бохура: «Мисар-махкахь я кху яьссачу арахь тхо деллехьара! [3] Везачу Эло тӀамехь дайа далийна тхо кху махка? Тхан зударий а, бераш а мостагӀашна кхочур ду. Мисара юхадахча гӀолехь дацара
вайна?» [4] Уьш шайна юкъахь барт бан хӀиттира:
«Ваьшна тӀехь хьаькам а хӀоттийна, Мисар-махка юхадоьрзур ду вай», – бохуш.
[5] Дерриг а Исраилан халкъана хьалха бертал вуьйжира Муса а, АхӀарон а. [6] Лаьтте хьовса
баханчу нахана юкъарчу Нунин кӀанта ЮшаӀа а, Епунин кӀанта Килаба а шайн бедарш этӀийра.
[7] Цара элира цигахь гулбеллачу берриге а нахе: «Тхо хьовсуш чекхдевлла латта вуно чӀогӀа хаза ду.
[8] Нагахь Веза Эла вайна реза велахь, Цо и латта вайна схьалур ду. Шуьрех а, мазах а дуьзна токхе
латта ду иза. [9] ‡‡Амма Везачу Элана дуьхьал ма
довла. Цу махкахь Ӏачу халкъах а ма кхера, цунах вайна ижу хир ю. Уьш ларбан цхьа а вац, ткъа вайца Веза Эла ву. Ма кхера царах!»
[10] ТӀаккха наха маьхьарий хьаькхира: «ТӀулгаш детта царна!» – аьлла. Амма Везачу Элан олаллин нур доьссира Делан четарна тӀе берриг а исраилхошна хьалха.

### Мусас халкъах дехар дар

[11] Везачу Эло Мусага элира: «ХӀара халкъ мел Ӏийр ду Суна дуьхьалдаьлла? Аса шайна гайтинчу тамашийначу билгалонех ца тешаш мел Ӏийр ду
иза? [12] Лен ун а кхетийтина, хӀаллакбийр бу Аса уьш, ткъа хьох а, хьан ден цӀийнах а цул доккха а, нуьцкъала а халкъ кхуллур ду».

† Iаьнакхан тӀаьхьенах *– уьш даккхий догӀмаш долу, наьрташ санна, адамаш дара.* †† Ашкул *– Iебархойн маттахь иза «кемсийн хорха» бохург ду.*

‡ *13:34 Доладалар 6:4.* ‡‡ *14:9 Iебархошка 3:16.*

13 †Амма Мусас элира Везачу Эле: «Ахьа шайна
юкъара Хьайн ницкъаца хIара халкъ
арадаькккхинчу мисархошна хезар ду иза, 14 тIаккха
цара цу лаьттарчу бахархошка дуьйцур ду. Ткъа цу
нахана хезна, Хьо исраилхошна юкъахь ву а, Ахьа
Хьо царна юьхь-дуьхьал гойту а, Хьо дийнахь
мархин бIогIамна юккъехь, буьйсанна цIеран
бIогIамна юккъехь вогIу а аьлла. 15 Нагахь Ахь
исраилхой цхьа стаг санна хIаллакбахь, Хьан
сийлаллех лаьцна хезначу халкъаша эр ду:
16 „Везачу Эло, Ша лур бу аьллачу махка тIе а ца
дигаделла, яьссачу арахь хIаллакдина и халкъ“, –
аьлла. 17 Ткъа хIинца сийлахь хуьлда Хьалдолчу
Элан ницкъ! Ахь ма аьлла: 18 ††„Веза Эла атта оьгIаз
ца воьдуш а, боккха безам болуш а ву, нехан
къиношна а, аьрхаллина а геч а до Цо. Амма Цо
бехк таIзар ца деш а ца буьту. Церан дайша
далийтина вон бахьана долуш берашна –
кхоалгIачу а, йоьалгIачу а тIаьхьенна тIекхаччалц –
таIзар до Везачу Эло“. 19 Хьайн хедар боцучу
безамца гечдехьа кху халкъана, Айхьа Мисарара
дуьйна кхуза кхаччалц иза схьадалош геч-ма-
дарра».

20 Везачу Эло жоп делира Мусага: «Ахь дехарна
гечдо Ас. 21 ‡Амма дийна волчу Сайх а, Везачу Элан
олаллин нуьро дерриг латта дузорах а чIагIо йо ас,
22 Сан олаллин нур а, Ас Мисарахь а, яьссачу арахь
а гайтина билгалонаш а гина, уьттазза Со а зийна,
Соьга ла ца доьгIначу нахана, 23 Ас церан дайшна
чIагIо ярца дала лерина долу латта гур дац. Со дIа
мел тесначарна а гур дац иза. 24 Сайна дерриге а
дагца тешаме а хилла, Сайн ялхо волу Килаб вуьгур
ву Ас ша хьаьжначу лаьтта тIе, цу нехан йоцу, цIена
ойла цуьнан дагахь хиларна. Цуьнан тIаьхьенан
долахь хир ду Iамалекхахой а, канаIанхой а тогIи
чохь Iаш болу латта. 25 Iамалекхахой а, канаIанхой
а тогIи чохь Iаш бу. Кхана, юха а дерзий, яьссачу
ара, ЦIечу хIорда тIе, дIагIо».

## Резацахиларна дина таIзар

26 Везачу Эло Мусага а, АхIароне а элира: 27 «Деха
Iийр дуй хIара оьгIазе халкъ Суна луьйш? Суна
хезна кхеран резацахиларх лаьцна. 28 ДIаала
цаьрга: „Дийна волчу Сайх Аса чIагIо йо, – боху
Везачу Эло, – аша бохуш долу Сайна хезнарг Аса
кхочушдийр ду. 29 ‡†ХIокху яьссачу арахь оьгур ду
шун догIмаш. Дерриш а шу дагардина ду. Ханна
ткъа шарал тIехдевлларш, Суна луьйш хилларш,
30 Ас куьг а айина, даха ховшор ду аьллачу лаьтта
тIе шу кхочур дац, Епунин кIант Килаб а, Нунин
кIант ЮшаI а воцург. 31 Аш мостагIашна кхочур ду
баьхна шун береш Ас цу лаьтта тIе дуьгур ду. Шу ца
даьшна долчу лаьтта тIехь уьш дехар ду. 32 Ткъа
шун декъий кху яьссачу арахь оьгур ду. 33 ‡‡Шун
кIентий шовзткъа шарахь яьссачу арахь кхелхина
лелар бу. Шу массо а делла дIадовллалц, цара бала
ловр бу шун бехкана. 34 Керлачу лаьтте хьовсуш,
аш даькккхинчу шовзткъа денна лерина шовзткъа
шарахь шаьш латийна къа бахьана долуш бала
хьоьгур бу аш, цхьа шо цхьана дийне а нислуш.
ТIаккха шуна хуур ду, Со шуна дуьхьал хилар хIун
ду. 35 Ас, Везачу Эло, боху иза, Суна
дуьхьалдаьллачу кху зуламечу халкъана Ас ден
дерг ду иза. ХIокху яьссачу арахь берриг а
хIаллакьхир бу уьш“».

36 Мусас керлачу махках дерг талла
бахийтиначара, юха а баьхкина, дерриг а халкъ
цунна дуьхьалдаькккхинера, шайна гина мохк
емалбеш, цунах вониг дуьйцуш. 37 И хабарш
дийцина нах Везачу Эло, цамгар а кхетийтина,
балийтира. 38 Керлачу махке хьажа баханчу нахах,
Нунин кIант ЮшаIIий, Епунин кIант Килаббий бен,
дийна ца висира.

## Лур ду аьлла долу латта дола даккха гIортар

(Карлабаькккхинарг 1:41-46)

39 Мусас исраилхошка дийцира иза дерриг а.
Халкъ чIогIа гIайгIане дахана дара. 40 Iуьйранна,
хьалхxе хьала а гIевттина, лаьмнашка
буьйлабелира нах. Цара бохура: «Тхо гIалатдевлла,
Дала бохучух а ца тешна, тхайгара даьллачунна
чIогIа дохко а девлла. ХIинца Везачу Эло лур бу
аьллачу махка дIагIур ду тхо».

41 Амма Мусас элира: «Везачу Эло
тIедиллиначуьнга ла хIунда ца дугIу аша? ХIара
аша деш дерг эрна ду. 42 Ма гIо цига, шаьш
мостагIашка хIаллак ма дайта, хIунда аьлча шуна
юкъахь Веза Эла вац. 43 Iамалекхахой а, канаIанхой
а бу шуна дуьхьал лаьтташ, цара шу дойур ду,
хIунда аьлча шу Везачу Элах дIадирзина, Иза
шуьца хир вац».

44 Амма, цуьнга ла а ца доьгIна, лам тIе
хьалабевлира нах. Муса церан *меттамотт* болчохь
висира, цигахь дитира Везачу Элаца барт баран
тIорказ а. 45 Цу лаьмнашкахь Iаш болчу
Iамалекхахоша а, канаIанхоша а, цхьаьна а кхетта,
исраилхой, эша а бина, Хьорма цIе йолчу метте
кхаччалц лаьхкина бигира.

## СагIанаш дахаран бакъонаш

15 Везачу Эло Мусага элира: 2 «Исраилан
халкъе, дIахьедар а деш, дIаала: „Аса шуна
лун долчу а, шаьш цигахь Iийр долчу а лаьтта тIе
шу дахача, 3 аша цIера тIехь доху дийнаташ
дагоран я бертан сагIанаш даха тарло. Аша Везачу
Элана сту я ка барца сагIа даккха тарло, шаьш йина
чIагIо кхочушхилийтархьама а, я шайн деган лаам
кхочушбархьама а, я шайн деза денош
даздархьама а. Иза мухха делахь а, даькккхинчу
сагIин хьожа Везачу Элана тамехь хир ю. 4 Амма ша
сагIина лерина хIума яхьачу хенахь, стага Везачу
Элана лерина кIен сагIа а дан деза: хIинан ‡‡†

---

† 14:13-19 *Арадаккхар 32:11-14.* †† 14:18 *Арадаккхар 20:5, 6; 34:6, 7; Карлабаькkхинарг 5:9, 10; 7:9, 10.* ‡ 14:21-23 *Iебархошка 3:18.* ‡† 14:29 *Iебархошка 3:17.* ‡‡ 14:33 *Векалийн 7:36.*

доьалгIа дакъа зайтдаьттанах эдина долу бархI кад
тоьлла кIен дама. 5 Дийнаташ дагоран я бертан
сагIа доккхучу хенахь хIора Iахарца цхьаьна хIинан
бараман доьалгIа дакъа чагIар кечде, чагIаран
сагIина лерина. 6 Ткъа шаьш сагIина лерина ка
балочу хенахь, кIен сагIина ялхитта кад кIен дама
а, цунах эдай, хIинан кхоалгIа дакъа долу
зайтдаьтта а да, 7 иштта хIинан кхоалгIа дакъа долу
чагIаран сагIа а да. Оцу сагIанийн хьожа Везачу
Элана тамехь хир ю. 8 Нагахь дийнаташ дагоран
сагIина я бертан сагIина, я Везачу Элана хьалха
йинчу чIагIонан сагIина лерина къона старгIа
ялош елахь, 9 оцу старгIица цхьаьна кIен сагIа а
дан деза: ткъе биъ кад кIен дама а, цунах эдина
*хIинан* шолгIа дакъа зайтдаьтта а. 10 Иштта хIинан
ахдакъа чагIар а дан деза чагIаран сагIина. Иза
цIера тIехь дагош долу сагIа ду, ткъа цуьнан хьожа
Везачу Элана тамехь ю.
11 Иза делаш хIоразза а шаьш Везачу Элана
лерина сагIина сту а, ка а, Iахар я буьхьиг ялочу
хенахь. 12 Иштта сагIанаш тIетоха деза аша хIора
дийнатна, церан терахье хьаьжжина. 13 Иштта
гIуллакх дан деза Исраилан халкъах волчу
хIораммо а, ша, Везачу Элана там а беш, цIера
тIехь доккху сагIа доккхучу хенахь. 14 Нагахь шуна
юкъахь вехаш тIевеана цхьаъ велахь, – кIезиг
ханна я ехачу ханна иза делахь, – ткъа Везачу
Элана тамехь йолу хаза хьожа йохуьйту цIера тIехь
даьккхина сагIа даккха цунна лаахь, цо а дан деза
аша дийрриг. 15 Халкъан доллу парзаш ду шуна а,
шуна тIевеана Iаш волчунна а цхьатерра
тIедехкина. Шуна а, шун мел йолчу тIаьхьенна а
тIедиллина ду уьш гуттаренна а. Везачу Элана
гергахь шу а, шуна тIебаьхкинарш а – цхьаъ ду.
16 †Цхьатерра товрат-хьехамаш а, тIедехкинарш а
хир ду шуна а, шуна юкъахь вехаш волчу
тIевеанчунна а тIедехкина“».
17 Везачу Эло Мусага элира: 18 «Исраилан халкъе
иштта дIаала: „Аса шаьш дIадуьгучу махка шу
чудевлча, 19 цу лаьтто луш долу сурсаташ шаьш
дуучу хенахь, цунах цхьа дакъа Везачу Элана
лерина сагIина дIало. 20 Хьалхарчу бедах шаьш
бепиг доттучу хенахь, цхьа бепиг Везачу Элана
лерина сагIина ло. Иза хьаьттара даьккхина совгIат
хир ду Везачу Элана. 21 Иза гуттара а дан дезаш
долу хIума ду, цу бедах дакъа Везачу Элана лерина
сагIина дIало аша а, шун тIаьхьенаша а.
22 Ткъа нагахь, ларамаза гIалат а далийтина,
Везачу Эло Мусагахула динчу весетех цхьаъ шуна
кхочушдан дицлахь, – 23 уьш шайна деллачу
дийнахь дуьйна шайн хинйолчу тIаьхьенашна
тIекхаччалц Везачу Эло цуьнгахула деллачу
муьлххачу а весетех цхьаъ – аша хIун дан дезар ду?
24 Ткъа нагахь халкъо ларамаза а, ца хууш а
далийтинехь, дерриг а халкъо Везачу Элана там
беш йолу хаза хьожа йохуьйтуш долчу дийнаташ
дагоран сагIина цхьа старгIа а, тIедиллина ма-
хиллара, цуьнца цхьаьна догIу кIен а, чагIаран а
сагIанаш даха деза. Иштта къинан сагIина лерина
цхьа бож а ян еза 25 Дерриге а Исраилан халкъана
тIера динан дас къинош дIадахаран Iадат
кхочушдан деза. ТIаккха халкъана гечдийр ду, и
гIалат ларамаза даьлла долу дела а, шегара
даьллачу гIалатана цо Везачу Элана лерина цIера
тIехь сагIа а, къинан сагIа а даьккхина дела а.
26 Гечдийр ду дерриге а Исраилан халкъана а,
царна юкъахь Iаш болчу тIебаьхкинчу нахана а, и
гIалат дерриге а халкъо ларамаза далийтина
хиларна.
27 ††Нагахь цхьана стага ларамаза къа латадахь,
цо къинан сагIина шо кхаьчна йоlу газа ян еза.
28 Цуьнан къинош дIадахархьама, ларамаза къа
латийначу стагана тIера динан дас къинош
дIадахаран Iадат кхочушдан деза, ткъа цунна
гечдийр ду. 29 Цхьатерра болу товрат-хьехам шуна
юкъахь лелар бу Исраил-халкъах схьабевлла болчу
бахархошна юкъахь а, тIебаьхкина Iаш болчарна а,
нагахь цара, ца хууш гIалат а бевлла, къа латадахь.
30 Исраилхойх я тIебаьхкина Iаш болчу нахах
цхьаммо, ша аьрха хиларна, къа латадахь, цо Веза
Эла емалво. И стаг шен къомана юкъара дIаваккха
везаш ву, 31 хIунда аьлча цо Везачу Элан дош а ца
лерина, Цуьнан весет а дохийна. Иза билггал шен
къомана юкъара дIа а воккхур ву, иштта ша
латийначу къинна жоьпе а озор ву“».

### Шоьтан садаIа де ца лардинарг

32 Исраилхой яьссачу арахь болчу хенахь, шоьтан
садоIучу дийнахь царна юкъара цхьа стаг дечиг
схьагулдеш гира. 33 Дечиг гулдеш хилла волу и стаг
карийначара Мусана а, АхIаронна а, дерриге а
халкъана а тIевалийра иза. 34 И стаг набахти чохь
сацийра, цунна хIун дан деза билгалдаьккхина
цахилар бахьана долуш. 35 Везачу Эло Мусага
элира: «И стаг вала веза. *Меттамотт* болчуьра
арахьа а ваккхий, дерриге а халкъе цунна тIе
тIулгаш кхиссийта». 36 Меттамотт болчуьра ара а
ваьккхина, дерриге а халкъо цунна тIе тIулгаш
кхиссира, Везачу Эло Мусага ма-аллара, тIаккха иза
велира.

### Чечакхах лаьцна бакъонаш

37 Везачу Эло Мусага элира: 38 ‡«Исраилан халкъе
дIахьедар де, цара шайн тIеюхучу хIуманийн
маьIигашна тIехь чечакххаш яха еза алий. Ткъа
маьIигашна тIехь йолчу оцу чечакхашна чу сийна
эханг юкъадахийта ала. Изза дан деза ерриге а
тIекхуьучу тIаьхьенаша а. 39 И чечакхаш шуна
дIагича, уьш хир ю, Везачу Элан дерриге а весеташ
дага а даьхкина, уьш шуьга кхочушдайтархьама а,
Соьгахьара шу дIадерзош болчу шайн дегнийн а,

‡‡† *ХIин *– цхьа хIин еа литаран барам бара.* † 15:16 Iамалъяр 24:22.*

†† *15:27, 28 Iамалъяр 4:27-31.* ‡ *15:38 Карлабаьккхинарг 22:12.*

бӀаьргийн а лаамашна тӀаьхьа шу ца
хӀиттийтархьама а. 40 Иза иштта дан деза, Сан
дерриге а весеташ дага а дохкуьйтуш, шуьга уьш
кхочушдайтархьама а, шу шайн Далла гергахь
дӀакъастийна хилийтархьама а. 41 Со ву шун Веза
Дела, шун Дела хилархьама, шу Мисар-махкара
арадаьхна волу. Со ву шун Веза Дела».

### Кхорахь а, Датан а, Абирам а карзахвалар

16 Левин тӀаьхьенах волчу КхахӀатан кӀентан
Ицхьаран кӀант Кхорахь а, Раабанан
тӀаьхьенах волчу Элиабан кӀентий Датан а, Абирам
а, иштта ПелатӀан кӀант Ана а 2 Мусана
дуьхьалвелира. Цаьрца цхьаьна ши бӀе шовзткъе
итт цӀеяхана волу а, халкъан баьчча волу а,
гуламехь хаьржина волу а исраилхо хилла. 3 Цара,
Мусана а, АхӀаронна а дуьхьал гулам а гулбина,
элира: «Тоьар ду шуна: дерриг а халкъ ду даздина,
цунна юкъахь Веза Эла а ву! Ткъа шуна хӀунда хета
те шаьш Везачу Элан халкъал а лакхара?»
4 Шена и дӀахезча, Муса бертал охьавуьйжира.
5 ТӀаккха цо Кхорахье а, цуьнца болчу массаьрга а
элира: «Везачу Эло кхана гойтур ду, Шен верг мила
ву а, вазвинарг мила ву а, иза Шена тӀеозорхьама.
Цо Ша схьахаьржжинарг Шена тӀеозор ву. 6 Амма
хӀара гӀуллакх де Кхорахьа а, цуьнца мел волчо а.
Богуш болу кӀора дӀасакхоьхьу нойш шайн кара
схьаэца. 7 Кхана Везачу Элана хьалха цу чу цӀе а
латаяй, хаза хьожа йогӀу сегӀаз цу чу дилла. ТӀаккха
Везачу Эло Шен везаниг санна волу
схьахаьржинарг мила ву хуур ду. Тоьар ду шуна,
левихой!»
8 Кхорахье Мусас элира: «ЛадогӀа соьга, левихой!
9 Исраилан Дала шу, Исраилан халкъах дӀа а
къастийна, Шена тӀеозийна, Везачу Элан четарца
доьзна долу гӀуллакх шуьга кхочушдайтархьама а,
шу Везачу Элан халкъана хьалха а лаьтташ, шуьга
царна гӀуллакх дайтархьама а. Иза кӀезиг хета те
шуна? 10 Цо хьо а, хьоьца цхьаьна Левин кӀентий
болу хьан берриге вежарий а Шена тӀеозийна, ткъа
хӀинца динан дайн дарже кхача гӀерташ ма ду шу!
11 Иштта, хьо а, хьан дерриге халкъ а, схьа а
гулделла, Везачу Элана дуьхьал ма даьлла. Ткъа
АхӀарон мила ву, аша цунна яппарш ян?»
12 Элиабан кӀентий Датанний, Абираммий шена
тӀебалабе аьлла, нах бахийтира Мусас. Амма цара
элира: «Хьуна тӀе догӀур дац тхо! 13 Яьссачу арахь
хӀаллакдархьама, шуьрех а, мазах а дуьзначу
токхечу махкара айхьа тхо арадахар кӀезиг хета те
хьуна? Тхуна тӀехь олалла дан а лаьа хьуна? 14 Тхо
шуьрех а, мазах а дуьзначу токхечу лаьтта тӀе ца
далийна ахь, иштта тхан дола аренаш а, кемсийн
бошмаш а ца яьхна ахь. Кху нехан бӀаьрса дайа
воллу хьо? Ца догӀу тхо хьуна тӀе!»
15 Муса чӀогӀа оьгӀазвахара. Цо Везачу Эле элира:
«Цара Хьайна сагӀина лерина дахьачу хӀумане дӀа
ма хьажахь. Аса-х цаьргара цхьаьнггара а вир а
схьа ца яькхинера, царах цхьанна а зулам а ца
динера».
16 Мусас Кхорахье элира: «Кхана хьо а, хьан нах а
Везачу Элана хьалха дӀахӀитталаш. Хьо а, уьш а,
АхӀарон а. 17 Аша хӀораммо а, богуш болу кӀора
дӀасабахьа шен-шен ной схьа а эций, цу чу хаза
хьожа йогӀу сегӀаз а тасий, уьш Везачу Элана
хьалха дӀахӀиттаелаш – ши бӀе шовзткъе итт ной.
Ахьа а, АхӀарона а шайн нойш Везачу Элана хьалха
дӀахӀитто еза». 18 ХӀораммо а богуш болу кӀора
дӀасабахьа шен-шен ной схьа а эцна, цу чу алу а
йиллина, хаза хьожа йогӀу сегӀаз чу тесира.
Гуламан четар чу волучохь дӀахӀиттира уьш Мусаца
а, АхӀаронца а цхьаьна. 19 Кхорахьа шен нах, схьа а
гулбина, гуламан четарна чуволучохь, царна
дуьххьал дӀахӀиттийча, дерриге а халкъана Везачу
Элан сийлалла гучуелира. 20 Мусага а, АхӀароне а
Везачу Эло элира: 21 «Шу оцу халкъах дӀакъаста,
бӀаьрган негӀар тохале Соьга уьш
хӀаллакбайтархьама».
22 Ткъа цара, бертал охьа а эгна, элира: «Дела!
Муьлххачу а дегӀана чохь долчу синан Дела!
Цхьана стага къа латийна хилча, Хьо дерриге а
халкъана оьгӀазгӀур ву те?»
23 Везачу Эло Мусага элира: 24 «Халкъе дӀаала:
„Кхорахь, Датан, Абирам вехачу хӀусамашна гонах
йолчу меттера дӀадовла“».
25 Муса, хьала а гӀаьттина, Датанна а, Абирамна а
тӀевахара, цунна тӀаьххье исраилхойн къаной а
бахара. 26 Халкъе Мусас элира: «ХӀокху зуламечу
нехан четаршна юххера дӀа а довла, церан долахь
йолчу цхьана а хӀуманах хьакха а ма ло, шаьш а
церан дерриге а къинош бахьана долуш ца
далийтархьама». 27 Уьш Кхорахьан, Датанан,
Абираман четаршна гонах йолчу меттера
дӀабевлира.
Ткъа Датан а, Абирам а шайн зударшца,
кӀенташца, кегийчу берашца, ара а бевлла, шайн
четаршна чуволлучохь лаьтташ бара. 28 Мусас
элира: «ХӀинца хӀокхунах хуур ду шуна Везачу Эло
со и дерриге а гӀуллакхаш кхочушдан къобалвина
хилар, ткъа уьш аса сайн лаамца деш ца хилар а:
29 нагахь санна церан массо а адамийн санна балар
нислахь, церан кхоллам кхидолчу адамийн санна
хилахь, со Везачу Эло ваийтина вац-кх. 30 Ткъа
нагахь санна Везачу Эло цхьа керла хӀума дахь,
нагахь лаьтто, бага дӀа а гӀаттийна, уьш а, церан
долахь мел долу хӀума дӀа а кхаллахь, нагахь уьш
дийна боллушехь эхарте а гӀахь, тӀаккха хаалаш,
оцу нахана Веза Эла дола хетийла».
31 Муса и дешнаш аьлла ма-велли, царна бухара
латта дӀасадекъаделира. 32 Лаьтто и нах, церан
хӀусамаш, Кхорахьан берриге а нах, церан долахь
мел долу хӀума а дӀаийцира. 33 Шайн долахь мел
хиллачу хӀуманца, дийна боллушехь, лаьттан
кийра а бахана, эхарта чу бахара уьш. Лаьтто
дӀахьулбира уьш. Халкъана юкъара, хӀаллак а
хилла, дӀабевлира уьш. 34 Царна гонах хилла болу

исраилхой, хIокхара маьхьарий хьаькхча,
дIабевдира. Кхайкха а кхойкхуш, цара доьхура:
«Тхо а лаьтто дIа ма кхоллийла!» – бохуш.
35 Везачу Элера цIе йоьссира, цо дIакхаьллира
хаза хьожа йогIучу сегIазан сагIа доккхуш волу ши
бIе шовзткъе итт стаг.

### Богуш болу кIора дIасакхоьхьу нойш

36 Везачу Эло Мусага элира: 37 « *Динан да* волчу
АхIаронан кIанте ЭлиIазаре дIаала: „Багийначу
нехан карахь хилла йолу нойш схьагулъе, хIунда
аьлча и нойш язйина ю. Царна чуьра богуш болу
кIоранаш кхиссий дIабахийта. 38 Шаьш латийначу
къинна мах баларца беллачийн нойх лаьцна
аьлча, уьш йоха а яй, шар а яй, царах йина юткъа
экъанаш сагIа доккхучу кхерчана тIелаца, хIунда
аьлча и нойш Везачу Элана хьалха еана яра,
цундела уьш язйинера. Уьш Исраилан халкъана
билгалонна хир ю“». 39 Багийначу наха еана йолу и
цIестан нойш динан дас ЭлиIазара схьаийцира.
Уьш, йоха а йина, шар а йина, кхерчана тIейилла
кечйира цара, Исраилан халкъана билгалонна
хилийтархьама, 40 Везачу Эло цуьнга Мусагахула
аьлла ма-хиллара. Иза динера АхIаронан хIух
воцучу цхьана а стаге Везачу Элана хьалха хаза
хьожа йогIу сегIаз дагадайтархьама, Кхорахьна а,
цуьнан нахана а хилларг шена ца хилийтархьама.

### АхIарона халкъехьа гIо даккхар

41 ШолгIачу дийнахь дерриге а Исраилан халкъ
Мусана а, АхIаронна а реза доцуш дIахIоьттира.
Цара бохура: «Аша хIаллакдина Везачу Элан
халкъ». 42 Мусана а, АхIаронна а дуьхьалдаьлла
долу дерриге а халкъ гулделлачу хенахь, уьш
гуламан четар долчу агIор дIабирзича, царна гира
четарна тIехула дIахIоьттина марха. Везачу Элан
олаллин нур гучуделира. 43 Муса а, АхIарон а
гуламан четарна нийсса хьалха агIор тIевахара.
44 Везачу Эло Мусага а, АхIароне а элира: 45 «ДIа а
хилий, оцу халкъах дIакъаста, бIаьрган негIар а
тохале Соьга иза хIаллакдайтархьама».
Ткъа и шиъ бертал охьавуьйжира. 46 Мусас
АхIароне элира: «Хьайн ной схьа а эцна, цу чу хаза
хьожа йогIу сегIаз а, кхерча чуьра богуш болу кIора
а биллина, сихонца халкъана тIе а вахана, ахьа
царна тIера къинош дIадахаран Iадат кхочушдан
деза, хIунда аьлча Везачу Элера оьгIазло
схьаяьлла, халкъана цамгаран ун кхетийтина».
47 Шега Мусас ма-аллара, ной схьа а эцна, халкъана
юкъа ведира АхIарон. Ткъа халкъана юкъахь
цамгаран ун доладелира. Хаза хьожа йогIу сегIаз а
дагош, царна тIера къинош дIадахаран Iадат
кхочушдора АхIарона. 48 АхIарон беллачарна а,
дийна болчарна а юккъе дIахIоьттира – цамгаран
ун сецира. 49 Кхорахьа динарг бахьана долуш
белларш боцурш, цамгаран ун бахьана долуш
велларг верриг а вейтта эзар ворхI бIе стаг вара.
50 Цамгаран ун сецначул тIаьхьа АхIарон гуламан
четарна чу волучу метте Мусана тIе юхавирзира.

### АхIаронан заза даькккхина Iаса

17 Везачу Эло Мусага элира: 2 «Исраилан халкъе
дIа а алий, церан тайпанашка хьаьжжина,
шийтта Iаса схьаэца, хIора тайпанан
куьйгалхочуьнгара цхьацца Iаса. Церан хIораннан
цIе шен Iасанна тIе дIаязъе. 3 АхIаронан цIе Левин
тайпанан Iасан тIе дIаязъе. ХIора тайпанан
куьйгалхочо шайн тайпанах цхьацца Iаса схьаян
еза. 4 И Iасанаш гуламан четар чуьра тоьшаллин
тIорказна хьалха охьаяхка, Со шуна юкъахь
хуьлучу метте. 5 Шуна юкъара Аса схьахаьржинчу
стеган Iасано заза доккхур ду. Иштта сацор ю Аса
исраилхоша шуна дуьхьал еш йолу хамталлаш».
6 Мусас Исраилан халкъе дIахаийтира иза.
Куьйгалхоша шийтта Iаса схьаеара, хIора тайпанан
куьйгалхочуьнгара цхьацца Iаса, церан
тайпанашка хьаьжжина. Царна юкъахь АхIаронан
Iаса а яра. 7 Мусас тоьшаллин четар чу, Везачу
Элана хьалха, охьаехкира и Iасанаш.
8 †ШолгIачу дийнахь Муса тоьшаллин четар чу
ваьлча, цунна, хьаьжча, Левин тайпанца йоьзна
йолчу АхIаронан Iасано, заза а даькккхина, чIенгаш
тесна хилар гира. Ур-атталла, тIе зезагаш а даьлла,
миндал олу, бIаран тайпа болу, стом беллера цо.
9 Ерриге а Iасанаш, Везачу Элана хьалха йолчу
меттера ара а яьхна, Исраилан халкъе дIагайтира
Мусас. Массо а адам оцу Iасанашка хьаьжира, ткъа
хIора куьйгалхочо шен Iаса дIаийцира. 10 Везачу
Эло Мусага элира: «АхIаронан Iаса, чу а хьой, юха а
тоьшаллин тIорказна хьалха охьайилла. Иза
хамталлаш еш болчарна билгалонна хир ю, церан
Суна резацахилар сацорхьама а, уьш ца
балийтархьама а». 11 Везачу Эло шена тIедиллина
ма-хиллара, Мусас иза кхочушдира.
12 Исраилан халкъо Мусага элира: «Тхуна хаьа,
тхаьш лийр дуйла! Тхо хIаллакьхилла! Тхуна хаьа,
тхо хIаллакдийр дуйла! 13 Везачу Элан четарна тIе
мел ваханарг леш ву! Тхо дерриш а дала дезар ду
те?»

### Динан дайшна а, левихошна а тIедехкинарш

18 Везачу Эло АхIароне элира: «Хьо а, хьан
кIентий а, массо а левихой а жоьпе озор бу,
Со Iаш волчу меттигна дуьхьал аша дина Iеса
хIуманаш бахьанехь. Ткъа ахьа а, хьан кIенташа а
жоп дала дезар ду динан дайша дечу гIуллакхна
дуьхьал дечу Iесаллина. 2 Иштта хьан дайн
тIаьхьенах болу, хьан вежарий болу левихой
схьабалабе хьайна юххе, цаьрга, хьайна юххехь а
болуш, тоьшаллин четарна хьалха хьайна а, хьайн
кIенташна а гIо дайтархьама. 3 Левихойн
доьзалшкара болу и нах хьан куьйга кIел хир бу.
Цара массо а Делан четарна уллохь ха дийр ду.

† 17:8-10 *Iебархошка 9:4.*

Амма *Делан цIа* чохь йолчу цхьана а хIуманна а,
кхерчана а уьш юххе ма бахийта, я уьш а, я шу а ца
далийтархьама. 4 Уьш хьайца а болуш, цаьрга
гуламан четарна уллохь ха дайтархьама а, четарца
доьзна долу дерриге а гIуллакхаш
кхочушдайтархьама а. Ткъа царах воцу цхьа а стаг
шайна тIе а ма ваийта. 5 Иштта, еза хIуманаш лар а
е, сагIа доккхучу кхерчана уллохь ха а де, Со
Исраилан халкъана кхин оьгIаз ца вахийтархьама.
6 Аса Исраилан халкъана юкъара схьахаьржина
шун вежарий болу левихой. СовгIат санна, уьш
хьан кара дIабелира Ас, цаьрга гуламан четарца
доьзна долу гIуллакх кхочушдайтархьама.
7 АхIарон! Хьан а, хьан кIентийн а бен бакъо яц
динан дайн санна, сагIа доккхучу кхерчаца а,
кирхьанна тIехьа долчуьнца а доьзна долу гIуллакх
дан. Аса динан дай болчу шуна цхьа беза болх
кхочушбан бакъо ло, ткъа шух воцург и гIуллакхаш
кхочушдан дагахь цхьаъ тIегIортахь, иза вуьйр ву».

### Динан дайшна кхачош долу дакъа

8 Везачу Эло АхIароне элира: «Аса-Айса хьан кара
дIаделла Суна лерина деана совгIаташ.
Исраилхоша Суна яхьаш йолу массо а еза хIуманаш
Аса гуттаренна а хьуна а, хьан кIенташна а шуна
кхачош долу шатайпа дакъа санна дIало. 9 Халкъо
Суна сагIина лерина еанчу уггар езачу хIуманех
дага ца деш дисина дакъа хьан хир ду. Цара
сагIина мел деанчух – кIен а, я къинан а, я къера
хиларан а сагIина деанчух – и дакъа хьуна а, хьан
кIенташна а кхачош дерг ду. 10 Уггар езачу меттехь
яалаш иза. Хьан доьзалера волчу массо а
боьршачу стага даа мегар ду и дакъа, амма дагахь
латтаделахь – сагIина лерина деанарг деза хIума
хилар.
11 Исраилан халкъо, хьала а айина, шатайпа сагIа
санна, Суна лерина деана совгIаташ а дерриг а
хьан хир ду. Иза Аса хьуна а, хьан кIенташна а,
йоIаршна а гуттаренна а дIало. Хьан доьзалехь
цIена волчу хIораммо а даа мегар ду иза.
12 Иштта, уггаре а тоьлла долу дерриге а
зайтдаьтта а, дерриге а керла даькхина долу
чагIар а, Суна, Везачу Элана, лерина халкъо
дахьаш долу кIа а, цо дуьххьара схьагулдечу
сурсатех деанарг а Аса хьуна дIало. 13 Хьан хир ду
Везачу Элана лерина халкъо дохьун долу, лаьтто
цунна дуьххьара делла массо а сурсаташ. Хьан
доьзалехь цIена мел волчун а бакъо ю иза даа.
14 †Исраилхоша гуттаренна а Везачу Элана болу
дIа ца боьрзу бахам санна къобал мел динарг хьан
хир ду.
15 Везачу Элана лерина веана волу дуьнен чу
хьалха ваьлла массо доьзалхо а, хьалха дуьнен чу
даьлла даьхни а хьан хир ду. Делахь а доьзалера
дуьххьарлерчу берах а, хьаналчу даьхнех хьалха
дуьнен чу даьллачух а мах схьаэца беза ахь.
16 Беран цхьа бутт кхаьчча бала безар бу цунна
тIера луш болу мах. Цуьнан барам пхи *шекхал* дети
бу, дезачу шекхале хьаьжжина (цхьана дезачу
шекхална чу ткъа *гер* догIу). 17 Ткъа дуьнен чу
дуьххьара девллачу стерчашна а, уьстагIашна а,
газаршна а тIера мах ма баккха. Уьш Везачу Элана
дIакъастийна ю. Церан цIийн цинцаш кхерчана
тIетоха, ткъа мохь цIера тIехь даькхина сагIа
санна ягае, цуьнан хаза хьожа Везачу Элана тамехь
ю. 18 Оцу дийнатийн жижиг хьуна кхачош ду,
шатайпа сагIа санна хьалаайина долчу церан
накха а, аьтту гIогI а хьуна кхачош ма-хиллара.
19 Аса, Везачу Эло, хьуна а, хьан кIенташна а,
йоIаршна а гуттаренна а дIало исраилхоша Суна
сагIина лерина дахьаш долу дерриг а совгIаташ.
Иза туьхана тIехь чIагIбина болу, цкъа а бохор
боцу хьоьца а, хьан тIаьхьенца а Аса бина болу
барт бу».
20 Везачу Эло АхIароне элира: «Церан долчух цхьа
а тайпа лаьттан дакъа а хир дац хьан, цигахь латта
а хир дац хьан долахь. Лаьттан декъан метта Со
хир ву хьан, исраилхошна юкъара хьан дакъа хир
ду Со.
21 ††Халкъо ша схьадаькхинчух Суна схьалуш
долу дерриге а уьтталгIа дакъош Аса левихошна
дIало, цара гуламан четарца доьзна долу гIуллакх
деш хиларна. 22 ХIинца дуьйна Исраилан халкъ
гуламан четарна юхе даха ца деза, ша, къилахь а
хилла, ца далийтархьама. 23 Гуламан четарца
доьзна долу гIуллакх левихоша дийр ду, ткъа цара
жоп дала деза муьлххачу а четарна дуьхьал
даьллачу зуламах. Иза шуна а, шун тIаьхьенна а
гуттаренна а тIедиллина ду. Исраилхошна юкъахь
лаьттан дакъа кхочур дац левихошна, 24 хIунда
аьлча Исраилан халкъо ша схьадаькхинчух Суна
лерина дIалуш долу уьтталгIа дакъа Аса царна
кхочуьйтур ду. Цундела царах лаьцна Аса аьлла:
„Исраилхошна юкъахь лаьттан дакъа кхочур дац
царна“».
25 Везачу Эло Мусага элира: 26 «Левихошка,
дIахьедар а деш, дIаала: „Аса шайна кхачийтина
долчу нахера схьадаькхинчух уьтталгIа дакъа
исраилхошкара шаьш схьаэцча, цунах уьтталгIа
дакъа аша Везачу Элана совгIат санна дIадала деза.
27 Аша дIалуш долу и совгIат шун ялтих
даькхинарг санна лорур ду – шун хьаьттах долу
кIа я шун муттдоккхургах даькхина чагIар санна.
28 Иштта, исраилхойн массо а уьтталгIачу дакъойх
аша а Везачу Элана совгIат дахьар ду. Наха
схьадеанчу оцу дакъойх Везачу Элана лерина долу
совгIат динан дега АхIароне дIадала деза аша.
29 Исраилан халкъо шаьш схьадаькхинчух
уьтталгIа дакъа деача, аша цунах тоьлла а, уггар
даздина а дерг схьакъасто деза. Иза аша Везачу
Элана лерина дIадала дезаш дерг хир ду“. 30 Муса!
Ахьа левихошка иштта дIаала: „Исраилан халкъо
шаьш схьадаькхинчух деана уьтталгIа дакъа аша
Везачу Элана дIаделлачул тIаьхьа, царах дисинарг

† *18:14 Iамалъяр 27:28.*

†† *18:21 Iамалъяр 27:30-33; Карлабаькхинарг 14:22-29.*

левихошна лерина ду, хьаьттах а, муттдоккхургах а
цара схьадаьккхинарг санна. 31 Дисинарг аша шайн
доьзалшца даа мегар ду муьлххачу а меттехь.
Гуламан четарца боьзна болчу балхах шуна луш
болу мах бу иза. 32 Шайна деанчух тоьлла долу
дакъа аша Везачу Элана лерина дӀалахь, шу
къилахь хир дац. Делахь а, дагахь латтаделаш,
Исраилан халкъо деана деза совгӀаташ Далла
хьалха бех ма делаш, шаьш ца далийтархьама“».

### Далла хьалха цӀандеш долу хи

19 Мусага а, АхӀароне а Везачу Эло элира:
2 «Везачу Эло шуна тӀедуьллуш долу товрат-
хьехамна тӀера парзаш хӀорш ду: исраилхошка
хьайна тӀе хьаьрса етт балабайта. Шена тӀехь цхьа
а кхачамбацар я дерт доцуш, цкъа а тӀе дукъ
диллаза а болуш хила беза иза. 3 *Динан да* волчу
ЭлиӀазаре дӀало и етт. Цо, иза меттаматтана арахьа
йолчу метте а бигна, шена хьалхахь цунна урс
хьоккхуьйтур ду. 4 Динан дега ЭлиӀазаре, шен пӀелг
цу аьттан цӀий чу а Ӏоттийтий, цуьнан цинцаш
ворхӀазза гуламан четаран хьалха агӀор тӀе
тохийта. 5 ТӀаккха, ЭлиӀазар юххехь а волуш, и етт
берриге а багабайта. Цуьнан цӀока а, жижиг а, цӀий
а, боьхаллаш а – уьш ерриш а яго еза. 6 Цул тӀаьхьа
динан дас, баганан дечиг а, ярийн курс а, цӀен тай а
схьа а эцна, и ерриг а хӀума етт багочу цӀерга
кхосса еза. 7 Шена тӀера хӀума а йиттина, шен дегӀ
хица цӀан а дина, *меттамотт* болчу юхаверза веза
динан да. Иза сарралц Далла хьалха цӀена хир вац.
8 И етт багош хиллачо а шена тӀера хӀума а юьттуш,
шен дегӀ хица цӀандан деза. Иза а сарралц Далла
хьалха цӀена хир вац. 9 †ЦӀена болчех цхьаммо, цу
аьттан чим, схьа а гулбина, цӀеначу метте
охьабилла беза. Исраилан халкъан дуьхьа латтор
бу и чим, цунах цӀандаран хи кечдархьама. И чим
къинан сагӀа лоруш ду. 10 Цу аттах бисина чим
дӀагулбинарг а цӀанвала веза, шена тӀера бедарш а
йиттина. Сарралц Далла хьалха цӀена хир вац иза.
Исраилан халкъана а, цунна юкъахь тӀебаьхкина
Ӏаш болчарна а гуттаренна а тӀедиллина ду иза.
11 Адаман докъах хьакхавелларг ворхӀ дийнахь
Далла хьалха цӀена хир вац. 12 КхозлагӀчу а,
ворхӀалгӀачу а деношкахь цӀандаран хица
тӀехьарсийта деза цо. ТӀаккха иза Далла хьалха
цӀена хир ву. Ткъа ша кхозлагӀчу а, ворхӀалгӀачу а
дийнахь цӀан ца вайтинарг цӀена хир вац. 13 Докъах
хьакха а велла, цӀано яран Ӏадат кхочуш а ца деш,
Везачу Элан четарна юххе ваханчу муьлххачо а иза
бехдийр ду. Цу тайпана волу стаг Исраилан
халкъана юкъара дӀаэккхо веза. ЦӀандаран хин
цинцаш оцу стагана тӀе ца тоьхна дела, иза Далла
хьалха цӀена хир вац, цуьнан цӀена цахилар цунна
тӀехь дуьсур ду. 14 Шен четар чохь веллачух лаьцна
болу товрат-хьехам иштта бу. Нагахь санна стаг
шен четар чохь дӀакхалхахь, цу чохь мел верг ворхӀ
дийнахь боьха хир ву. 15 Иштта боьха хир ю шайна
тӀехь негӀарш чӀагӀдина йоцу ерриге а кхабанаш а,
пхьегӀаш а. 16 ТӀамехь вен а вийна, аренгахь
Ӏуьллучух я Ӏожалла тӀееанчух, я деллачу адаман
даьӀахкех, я кошах дӀахьакхавелларг муьлхха а
ворхӀ дийнахь цӀена хир вац.
17 ЦӀена цахилар дӀадаккхархьама, аша,
багийначу аьттан чим схьа а эцна, кхаби чу а тесна,
цу тӀе керла хи дотта деза. 18 Ткъа цӀена болчех
цхьаммо, ярийн курс а эцна, иза цу хи чу а
Ӏоьттина, четар тӀе а, цу чохь хиллачу пхьегӀашна
а, адамашна а тӀе а хин цинцаш тоха деза. Изза дан
деза деллачу адаман даьӀахкех, я тӀамехь
вийначух, я ша дӀакхелхинчух, я кошах
дӀахьакхавеллачу муьлххачунна а.
19 Ша цӀена волчо Далла хьалха цӀена воцучунна
кхозлагӀчу а, ворхӀалгӀачу а дийнахь оцу хин
цинцаш тоха деза. ВорхӀалгӀачу дийнахь цо и стаг
цӀанвинчул тӀаьхьа, цу стага хица шен бедарш
йитта а еза, шен дегӀ цӀандан а деза. Сарахь иза
Далла хьалха цӀена хир ву.
20 Ткъа нагахь Далла хьалха бехвеллачу стага ша
иштта цӀан ца вайтахь, и стаг Исраилан халкъана
юкъара дӀаэккхо веза, Дела Ӏаш волу меттиг цо
бехйина дела. ЦӀанваларан хин цинцаш цунна тӀе
ца тохарна, иза Далла хьалха цӀена вац. 21 Иза шуна
гуттаренна а тӀедиллина ду. ЦӀанваларан хин
цинцаш тӀетоьхначо шен тӀеюху бедарш йитта еза.
Муьлхха а цӀанваларан хих хьакхавелларг сарралц
боьха хир ву. 22 Иштта верг хьакхавелла йолу ерриг
хӀума а боьха хир ю. Иза дӀахьакхавелла волу кхин
стаг а сарралц боьха хир ву».

### Кхадешехь хилларг

(Арадаккхар 17:1-7)

20 Хьалхарчу баттахь берриг а исраилхой, Цин
цӀе йолчу яьссачу ара а баьхкина, Кхадеш
олучу меттехь севцира. Цу меттехь Марем
кхелхира, цигахь иза дӀа а йоьллира. 2 ††Цигахь хи
дацара, цундела нах, Мусана а, АхӀаронна а гонах
гул а белла, 3 Мусана резабоцуш хамталлаш ян
буьйлабелира: «Везачу Элана хьалха тхо а
деллехьара, белла тхайн вежарий санна! 4 Везачу
Элан халкъ кху яьссачу ара хӀунда далийна аша?
Тхо а, тхан даьхни а дала деза кхузахь? 5 ХӀунда
даьхна аша тхо Мисарара ара? Кху вочу метте
стенна далийна аша тхо? Кхузахь ден ялта а дац, я
инжир а, кемсаш а, нараш а яц, ур-атталла мала хи
а дац!» 6 Халкъ долчуьра дӀа а вахана, Делан
четарна хьалха бертал вуьйжира Муса а, АхӀарон а.
Везачу Элан олаллин нур хӀоьттира царна хьалха.
7 Везачу Эло Мусага элира: 8 «Хьайн Ӏаса схьа а
эций, ахьа а, АхӀарона а халкъ схьагулде. Аша
нахана хьалха тӀулган тархе деха, тӀаккха цо шена
чуьра хи лур ду. Иштта ахь, царна хи а даьккхина,
иза нахана а, даьхнина а малор ду». 9 Веза Эла
волчуьра, тӀорказна уллора, Ӏаса схьаийцира
Мусас, Цо шена тӀе-ма-диллара.

† 19:9 Іебархошка 9:13.

†† 20:2-13 Арадаккхар 17:1-7.

10 Мусас а, АхIарона а тархана хьалха халкъ
гулдира. Мусас элира нахе: «ЛадогIа, карзахдаьлла
халкъ! ХIокху тархах даккхий ас шуна хи?» 11 Шен
куьг хьала а айина, тархах шозза Iаса туьйхира цо.
Дуккха а хи доладелира цу тархах. Наха а, даьхнино
а мелира иза.
12 Амма Везачу Эло Мусага а, АхIароне а элира:
«Исраилан халкъана хьалха Сан возаллех
тоьшалла дан шу тешар ца тоарна, Ас лун долчу
латта тIе аш халкъ дуьгур дац».
13 Оцу хи даьккхинчу меттигах Мериба олу (иза
«къовсам» бохург ду). Кхузахь исраилхой Везачу
Элаца къовсаме а бевлла, Цо Шен возалла гайтина
царна.

## Эдоман паччахьо исраилхой чекх ца бовлуьйту

14 Кхадешера Эдоман паччахьна тIе дехар эцна
шен нах бахийтира Мусас: «Хьан вежарша,
исраилхоша, боху хьоьга: „Хьуна хаьа тхуна хилла
бохамаш. 15 Тхан дай Мисар-махка дIабаханера.
Дуккха а хан яьккхира оха цигахь. Тхан дайшца а,
тхоьца а къиза бара мисархой. 16 Везачу Эле тхо
кхайкхича, Цунна хезира оха доьхург. Шен *Малик* а
даийтина, Мисарара тхо арадехира Цо. ХIинца хьан
дозанна уллохь йолчу Кхадешехь ду тхо. 17 Пурба
лохьа тхуна хьайн латта тIехула дехьадовла. Тхо
хьан ялтийн а, кемсийн а аренаш тIехула а девр
дац, хьан гIунаш чуьра хи а мер дац оха.
Паччахьан новкъахула хьан махках чекхдовллалц,
аьтту а, аьрру а агIор а ца таьIаш, дIагIур дара
тхо“».
18 Амма Эдоман халкъо элира исраилхошка: «Тхан
махкахула чекх ма довла. Шу чугIортахь, оха тIом
бийр бу шуьца».
19 Исраилхоша элира цаьрга: «Тхо боккхачу
новкъахула гIур дара. Нагахь оха а, тхан даьхнино
а шун хи мелча, цунах ахча а лур дара оха. ГIаш
дехьадевр дара тхо, тхан кхин гIуллакх а дацара
кхузахь».
20 Эдомхоша юха а элира: «Тхан махкахула чекх ма
довла». Доккха эскар а гулдина, исраилхошна
дуьхьалбевлира уьш. 21 Иштта, Эдоман халкъо шен
махкахула дехьа а ца бовлийтина, кхечу
новкъахула дIабахара исраилхой.

## АхIаронан кхалхар

22 Кхадешера дIа а бахана, ХIор цIе йолчу лам тIе
баьхкира уьш. 23 ХIор-лам болчохь, Эдоман дозанна
уллохь, Везачу Эло Мусага а, АхIароне а элира:
24 «Мерибера хишна уллохь шу Суна
дуьхьалдовларна, АхIарон, кхелхина, шен дайх
дIакхетар ву. Ас исраилхошна луш долчу латта тIе
иза кхочур вац. 25 Муса, хьайн ваша АхIарон а,
цуьнан кIант ЭлиIазар а эций, ХIор-лам тIе
хьалавала. 26 АхIаронна тIера бедарш схьа а яхий,
уьш цуьнан кIантана ЭлиIазарна тIеюха. Цигахь
АхIарон кхелхар ву». 27 Везачу Эло тIе-ма-диллара,
кхочушдира Мусас. Дерриг а халкъана хьалха ХIор-
лам тIе бевлира уьш. 28 †АхIаронна тIера бедарш,
схьа а яьхна, ЭлиIазарна тIеюьйхира Мусас.
Цигахь, лам тIехь, АхIарон кхелхира, ткъа Муса а,
ЭлиIазар а лам тIера чувоьссира. 29 Массарна а
хиира АхIарон дIакхелхинийла. Дерриг а Исраилан
халкъо ткъе итт дийнахь белхар латтийра иза
бахьана долуш.

## КанаIанхой эшор

21 ††КанаIан-махкахь къилбехь вехаш волчу
канаIанхойн паччахьна Iародна хиира,
Атарайме богIучу новкъахула исраилхой
схьабогIуш буйла. Цаьрца тIаме а ваьлла, масех
исраилхо йийсаре вигира цо. 2 ТIаккха Исраилан
халкъо Везачу Элана чIагIо йира: «Нагахь цу
халкъана тIехь толам баккха тхуна Ахь гIо дахь, оха
церан гIаланаш йохийна охьайохкур ю», – аьлла.
3 Исраилхойн дехар а хезна, царна гIо дира Везачу
Эло. КанаIанхой а, церан гIаланаш а хIаллак а
йина, цу меттигна Хьорма цIе тиллира исраилхоша
(иза «хIаллакьяр» бохург ду).

## ЦIестан лаьхьа

4 ‡ХIор-лома тIера ЦIечу хIорда ‡† тIе боьдучу
новкъахула дIабахара уьш, Эдоман махкана
уллохула ца бовлархьама. Новкъахь нехан собар
кхачийра. 5 ‡‡ ‡‡†Далла а, Мусана а лен буьйлабелира
уьш: «Кху яьссачу арахь далийта даьхна аша тхо
Мисарара ара? Кхузахь я бепиг а, я хи а дац. Тхуна
бIаьрга бан а ца беза и декъаза кхача ‡‡‡». 6 Везачу
Эло халкъана тIе дIаьвше лаьхьарчий хийцира.
Цара лецна, исраилхойх дукха нах белира. 7 Мусана
тIе а баьхкина, исраилхоша элира: «Везачу Элана а,
хьуна а лен а лийна, къа латийна оха. ДоIа дехьа
Везачу Эле, Цуьнга лаьхьарчий дIадахахьара
алий». Мусас нахана тIера доIа дира Везачу Эле.
8 Везачу Эло Мусага элира: «ЦIестан лаьхьа а бай,
хьоккхана тIе тоха иза. Лаьхьано це тоьхнарг,
цIестан лаьхьане хьаьжча, дийна вуьсур ву».
9 §Мусас, цIестан лаьхьа а бина, иза хьоккхана тIе
туьйхира. Лаьхьано це тоьхна стаг, цIестан
лаьхьане хьаьжча, дийна вуьсура.

## Муаба-махка некъ бар

10 Цигара дIа а бахана, Обат олучу меттехь
севцира исраилхой. 11 Юха Обатера дIабахана, Iий-
Iабарим цIе йолчу меттехь, яьссачу арахь, Муаби-
махкана малхбалехьа севцира уьш. 12 Цу меттера а
дIа а бахана, Зерад цIе йолчу тогIи чохь севцира
уьш. 13 Цигара дIабахча, яьссачу арахь долчу,

† *20:28 Арадаккхар 29:29; Лелар 33:38; Карлабаьккхинарг 10:6.* †† *21:1 Лелар 33:40.* ‡ *21:4 Карлабаьккхинарг 2:1.* ‡† *ЦIечу хIорда *– Iебархойн маттахь: *Эрзийн хIорда.** ‡‡ *21:5, 6 1 Коринтхошка 10:9.* ‡‡† *21:5 Арадаккхар 16:1-35.* ‡‡‡ *И декъаза кхача *– цара буьйцург Мисар-махкара шаьш арадаьхначу хенахь Везачу Эло шайна белла, «манна» цIе йолу кхача бу.** § *21:9 ТIаьххьарнаш 18:4; Яхьъя 3:14.*

эмархойн латта тIе долучу Арнон-хина уллохь
севцира уьш. И хи Муаби а, эмархойн а мехкашна
юккъехь доза хилла догIуш дара. [14] Цундела аьлла
Везачу Элан тIемех лаьцна долчу тептар тIехь:
«Супа цIе йолчу арара ВахIаб-гIала а,
Арнон-хин тогIеш а,
[15] цу тогIийн Iар-гIалина тIейоьлхуш йолу,
Муаби-мехкан дозана уллохь йолу басенаш а».
[16] Кхузара дIа Беар цIе йолчу метте бахара
исраилхой (иза «гIу» бохург ду). Цу меттехь йолчу
гIунах лаьцна Везачу Эло Мусага элира: «Схьагулде
халкъ, Ас хи лур ду царна». [17] ТIаккха исраилхоша
йиш лекхира:
«Хих хьалаюза, гIу!
ДIаала цунах илли!
[18] Элаша а,
халкъан тхьамданаша а
шайн дарж гойтучу гIожмашца а,
Iасанашца а яьккхина хIара гIу».
Яьссачу арара Матана олучу метте дIабахара
исраилхой. [19] Матанера Нахьалиал цIе йолчу метте
бахара уьш, ткъа цигара Бамот олучу метте бахара,
[20] Бамотера Муаби-махкахь йолчу тогIи чу
баьхкира уьш. Цигахь яьссачу аренгахьа бирзина
лаьтташ Пасга цIе йолу лам бара.

### Сихьонна а, IовгIана а тIехь толам баккхар

(Карлабаьккхинарг 2:26–3:11)

[21] Эмархойн паччахьна Сихьонна тIе нах
бахийтира исраилхоша дехар эцна: [22] «Пурба лохьа
тхуна хьайн махкахула чекхдовла. Новкъахула гIур
дара тхо, ялтина а, кемсийн аренашна тIе а ца
довлуш, гIунаш чуьра хи а ца молуш. Хьан махках
дехьадовллалц паччахьан новкъахула бен гIур
дацара тхо». [23] Амма Сихьона пурба ца делира
исраилхошна шен махкахула дIабаха. Дерриге а
шен эскар а гулдина, исраилхошна дуьхьалвелира
иза яьссачу ара. ЯхIац цIе йолчу гIали уллохь
исраилхошца тIаме велира Сихьон. [24] Цунна тIехь
толам а баьккхина, Арнона тIера Ябокх-хина
тIекхаччалц Сихьонан латта схьадаьккхира
исраилхоша. Уьш Iамминхойн дозанехь севцира,
хIунда аьлча шайн доза чIогIа лардора
Iамминхоша. [25] Эмархойн ерриге а гIаланаш схьа а
яьхна, царна чохь баха хевшира исраилхой.
Хьешбон-гIала а, цунах йозуш йолу кегийра
гIаланаш а ехира цара схьа. [26] Хьешбон эмархойн
паччахьан Сихьонан гIала яра. Муабахойн хьалха
хиллачу паччахьца тIом а бина, Арнонна
тIекхаччалц цуьнгара мохк схьабаьккхинера
Сихьона. [27] Цундела боху илланчаша:
«Хьешбон-гIала гIо,
то а йина, чIагIйойла Сихьонан гIала!
[28] †Сихьонан гIалара Хьешбонера схьаяьлла цIе
массанхьахула а чекхъелира.
Цо ягийра Муабин Iар-гIала,
Арнон-хина тIехулара гунаш а дагийра.
[29] Къа ду хьан, Муаби-мохк!
Камош-цIун халкъ, хIаллакьхили хьо!
Цо шен кIентех дIасабевддарш хилийти,
йоIарий эмархойн паччахьо Сихьона йийсаре
биги.
[30] Амма оха хIаллакбина эмархой,
Хьешбона тIера Дибонна тIекхаччалц церан
гIаланаш йохийна,
Мейдеба-гIали уллохь йолчу Напухь олучу
меттигна тIекхаччалц
бассийна церан мохк».
[31] Иштта Эмархойн махкахь баха хевшира
исраилхой. [32] Мусас масех стаг вахийтира ЯIзир-
гIалахь долчуьнга хьажа. Юха, и гIала а, цунна
гонах йолу ярташ а схьа а яьхна, царна чуьра
эмархой лаьхкира исраилхоша.
[33] Цул тIаьхьа исраилхой Башан-махка бахара.
ЭдреIи-гIалина уллохь, шен дерриг а эскар а
далош, исраилхошна тIамца дуьхьалвелира Башан-
мехкан паччахь IовгIа. [34] Везачу Эло Мусага элира:
«Ма кхера цунах, Ас иза а, цуьнан халкъ а, берриг а
цуьнан мохк а хьан кара дIалур бу. Хьешбонехь
Iийначу эмархойн паччахьна Сихьонна диннарг де
цунна». [35] Цхьа а дийна ца вуьтуш, паччахь IовгIа а,
цуьнан кIентий а, дерриг цуьнан халкъ а хIаллак а
дина, Башан-мохк схьабаьккхира исраилхоша.

### Балакха БалиIамна тIе геланчаш бахийтар

[22] Цул тIаьхьа Исраилан халкъо, новкъа а
даьлла, Муаби-мехкан аренашка а деана,
Йордан-хина малхбалехьа, Ерихон-гIалина
дуьхьал, дIахIоттийра шайн *меттамотт*.
[2] Исраилхоша эмархошна тIехь дийриг дерриге а
гинера Ципуран кIантана Балакхана. [3] Муабахой
холчу хIиттинера, Исраилан халкъ алссам хиларна.
Уьш чIогIа кхерабеллера исраилхойх. [4] Муабахоша
маданхойн къаношка элира: «Стерчаша аренгара
дIайоу буц санна, вайна гонах мел долу хIума
дIадоу оцу халкъо». Цу хенахь муабахойн паччахь
вара Ципуран кIант Балакх. [5] ††Балакха БеIаран
кIантана БалиIамна тIе шен геланчаш бахийтира,
иза шена тIе схьакхайкха аьлла. БалиIам
Iамавхойн махкахь ‡ Эпрат-хин йистерачу Патур-
гIалахь Iаш вара. Балакха иштта дIаала аьллера:
«Мисар-махкара арадаьллачу цхьана халкъо, ша
дукха хиларна, хIара латта дуьзна. Цо суна юххехь
шен меттамотт дIахIоттийна. [6] Со волчу схьа а
волий, оцу халкъана неIалт кхайкхадехьа, хIунда
аьлча иза сол ницкъ болуш ду. ТIаккха сан таро
хила тарлора, цунна тIехь толам а баьккхина, кху
махкара иза дIаэккхо. Суна хаьа, хьо боккха ницкъ
болуш вуйла. Нагахь ахь цхьаъ декъалвича, иза
декъалвина хуьлу, ткъа ахьа неIалт кхайкхийча,
цунна тIехь неIалт лаьтта».
[7] Муабахойн а, маданхойн а къаной БалиIамна
тIебахара, пал тасарна богIу мах а хьош. Балакха

† *21:28, 29 Ярми-ЯхIу 48:45, 46.*

†† *22:5 Лелар 31:8; 2 Кипин 2:15, 16.* ‡ *Iамавхойн махкахь *– я иштта: *шен махкахь.**

шайга дӀаала аьлларг дӀаэлира цара БалиӀаме.
8 БалиӀама цаьрга элира: «Шу буьйса йоккхуш диса
кхузахь, ткъа аса, Везачу Эле хаттар а дина, Цо
сайна делла жоп шуьга дӀадуьйцур ду». Иштта,
муабахойн баьччанаш цуьнца бисира.
9 Дала БалиӀаме хаьттира: «Хьо волчу баьхкинарш
хӀун нах бу?» – аьлла.
10 БалиӀама Деле жоп делира: «Муабахойн
паччахь волчу Ципуран кӀанта Балакха хаттар деш
бахкийтина уьш суна тӀе. Цара боху: 11 „Мисар-
махкара деана цхьа халкъ ду, ша алссам хиларна,
дерриг а латта дуьзна цо. Ахьа, схьа а веана, цу
халкъана неӀалт кхайкхадахьара, сан таро хила
тарлора, цунна тӀехь толам а баьккхина, кху
махкара иза дӀаэккхо“».
12 Дала БалиӀаме элира: «Хьо цаьрца ма гӀолахь,
цу халкъана неӀалт а ма кхайкхаделахь, хӀунда
аьлча и халкъ декъалдина ду».
13 Ӏуьйранна, хьала а гӀаьттина, Балакхан
баьччанашка БалиӀама элира: «Шу шайн махка
юхадерза, Везачу Эло ца могуьйту суна шуьца
дӀаван». 14 Муабахойн баьччанаша, Балакхана тӀе
юха а баьхкина, цуьнга элира: «БалиӀам реза ца
хилира тхоьца схьаван».
15 ТӀаккха ша дуьххьара бахийтинчарал сов а
болуш, царал а цӀеяхана болу кхин баьччанаш
бахийтира Балакха. 16 Цара, БалиӀам волчу а
баьхкина, цуьнга элира: «Ципуран кӀанта Балакха
хьоьга иштта ала боху: „Сох ца къаьхкаш,
схьаволахьа со волчу. 17 Аса, хьоьга болчу ларамна,
хьуна совгӀат дийр дара, ахьа сайга аьлларг хӀуъа а
кхочушдийр дара. Схьа а волий, цу халкъана неӀалт
кхайкхадехьа“».
18 БалиӀама, Балакхан ялхошка жоп а луш, элира:
«Нагахь Балакха детих а, деших а дуьзна долу шен
паччахьан цӀа суна схьалуш хилча а, сайн Везачу
Дала бохучунна тӀера а ваьлла, Цо магийтина доцу
жима я доккха цхьа а хӀума дан йиш яц сан.
19 Шайна лаахь, аша а кхузахь буьйса яккха, шайл
хьалха баьхкинчара санна, ткъа аса ладугӀур ду
Везачу Эло сайга кхин хӀун олу».
20 Цу буьйсанна Дала, БалиӀамна дуьхьал а веана,
цуьнга элира: «И нах хьо дӀакхойкхуш баьхкина
хиларна, цаьрца дӀаваха кечло, амма Аса хьайга де
бохург бен ахьа ма делахь». 21 Ӏуьйранна БалиӀам,
хьала а гӀаьттина, шен виркхела а йоьжна, оцу
муабахойн баьччанашца ваха новкъа велира.

## БалиӀаман виркхела

22 БалиӀам, шен ши ялхо шеца а волуш, шен
виркхела тӀехь новкъа воллушехь, Дела
оьгӀазвахара цунна, ткъа некъа тӀехь Везачу Элан
*Малик* схьахӀоьттира, цунна дуьхьало ярхьама.
23 БалиӀаман виркхелана гира, баттара тур а
даьккхина, некъа тӀехь лаьтташ долу Везачу Элан
Малик. Иза, некъа тӀера дӀа а яьлла, аренга
дӀайирзира. Ткъа БалиӀам виркхелана етта
волавелира, иза некъа тӀе яккха гӀерташ. 24 Цхьа
хан яьлча, шинна а агӀор пенаш а долуш, кемсийн
шина бешана юккъехь, некъ готта болчу меттехь
Везачу Элан Малик дӀахӀоьттира. 25 Виркхелана юха
а гира Везачу Элан Малик. Виркхело, пенна улло а
таьӀна, БалиӀаман ког Ӏаьвдира. БалиӀама
виркхелана юха а йиттира. 26 Кхин а цхьа хан
яьлча, некъ готта болчу кхечу меттехь юха а Везачу
Элан Малик дӀахӀоьттира. Виркхелана меттиг яцара
Маликана уллохула я аьтту, я аьрру агӀор дехьаяла.
27 Цу хенахь, Везачу Элан Малик а гина, шена
тӀехиъна БалиӀам а волуш, виркхела лаьтта
охьайижира. БалиӀам, дар а велла, виркхелана шен
Ӏаса етта волавелира. 28 Оцу меттехь Везачу Эло
виркхела йистхилийтира. Виркхело БалиӀаме
элира: «Аса хӀун дина хьуна? Кхузза хӀунда йитти
ахьа суна?»
29 БалиӀама виркхеле жоп делира: «Хьо сох
кхаьрдина-кх! Нагахь санна сан карахь тур
делахьара, аса хӀинццехь юьйр яра хьо!»
30 Ткъа виркхело БалиӀаме элира: «Дуккха а
хенахь дуьйна тахханалц хьо сайна тӀехь лелош
йолу хьан виркхела яц ткъа со? ХӀинццалц цкъа а
Ӏедал дарий ткъа сан и саннарг хьуна деш?»
БалиӀама жоп делира: «Дацара», – аьлла.
31 Юха Везачу Эло БалиӀаман бӀаьргаш
дӀабиллира. Баттара даьккхина тур а долуш, некъа
тӀехь лаьтташ долу Везачу Элан Малик гира
БалиӀамна. Иза цунна хьалха лаьтта бертал
охьавуьйжира. 32 Везачу Элан Малико БалиӀаме
хаьттира: «ХӀунда йиттира ахьа кхузза хьайн
виркхелана? Хьуна дуьхьало ярхьама аравелира со,
хӀунда аьлча ахьа схьалаьцна некъ дегаза бу Суна,
иза бохамна тӀебоьдуш хиларна. 33 Ткъа хьан
виркхела, шена со гича, некъа тӀера дӀайолура.
Иштта кхузза хилира иза. Нагахь виркхела, Сох
къаьхкина, юха ца яьллехьара, Аса хьо вийна хир
вара, ткъа иза дийна юьтур яра».
34 БалиӀама Везачу Элан Малике элира: «Аса къа
латийна, хӀунда аьлча суна ца хаьара, хьо некъа
тӀехь лаьтташ дуйла, суна дуьхьало ярхьама.
Нагахь ас дийриг хьуна гергахь нийса дацахь, со
юхавоьрзур ву».
35 ТӀаккха Везачу Эло БалиӀаме элира: «ХӀан-хӀа,
хьо ваха мегар ду цу нахаца, амма варелахь, аса
хьайна магийна дешнаш бен ма алалахь». ТӀаккха
Балакхан геланчашца дӀавахара БалиӀам.

## Балакх, БалиӀам

36 Шена БалиӀам вогӀу аьлла хезча, Балакх цунна
дуьхьал вахара. Иза вахара шен мехкан дозанна
йистехь долчу Арнон-хин уллохь лаьттачу
муабахойн Ӏар-гӀали чу. 37 Шена БалиӀам гича,
Балакха цуьнга элира: «Аса хьуна тӀе, хьоьга
схьавола аьлла, нах ца бахкийтира? Дуьххьара
хӀунда ца веара хьо со волчу? Хьоьга болчу
ларамна хьуна совгӀат далалур дацара ткъа соьга?»
38 «Со хӀинца кхузахь ву-кх, – элира БалиӀама. – Со
схьа-м веана, амма тамаш бу-кх, соьга ахьа бохург

далур делахь. ХIунда аьлча сан бакъо яц сайга,
Дала ала магийтинарг, бен дIаала». 39 Балакхца
вахана, Кхиръят-Хьуцот олучу метте веара БалиIам.
40 Балакха сагIина лерина масех сту а, уьстагI а
бийра. Церан жижигах дакъа БалиIамна а, цуьнца
болчу баьччанашна а делира Балакха.

### БалиIама дуьххьара бина Делера хаам

41 ШолгIачу дийнахь Iуьйранна Балакх, шеца
БалиIам а вуьгуш, Бамот-БаIал олучу гу тIе вахара.
Цу меттера дIахьаьжча, Исраилан халкъан
цхьадолу дакъа гора царна.

23 БалиIама Балакхе элира: «Кхузахь сагIа
доккху ворхI меттиг а кечъяй, ворхI старгIа а,
ворхI ка а балабе суна».
2 Балакха кхочушдира БалиIама шега де аьлларг.
Балакха а, БалиIама а сагIа доккхучу хIора
меттигна тIе цхьацца старгIа а, цхьацца ка а
сагIина доккхура. 3 БалиIама Балакхе элира: «Хьо
хьайн дийнаташ дагоран сагIина уллохь Iе, ткъа со
кхечу метте дехьавер ву. Веза Эла суна дуьхьалван
тарло. Цо суна мел гайтинарг Аса хьоьга дIаэр ду».
БалиIам ерзинчу лакхенна тIе вахара. 4 Цига Дела
веара БалиIамна хьалха. «Аса сагIа доккху ворхI
меттиг кечйина, – элира БалиIама, – царна
хIоранна тIехь цхьацца старгIа а, цхьацца ка а
сагIина лерина багийна ас».
5 ТIаккха Везачу Эло, Балакхе дIаала дезарг бага а
диллина, БалиIаме Балакх волчу юхаверза элира.
6 БалиIам юхавирзича, Балакх хIинца а дийнаташ
дагоран сагIа доккхучохь латтташ вара. Цуьнца
цхьаьна латтташ бара берриге муабахойн
баьччанаш а.
7 Делера болу хIара хаам бира БалиIама:
«Балакха со Арам-махкара схьавалийра,
муабахойн паччахьо со малхбалехь болчу
лаьмнашкара схьакхайкхира,
„Схьа а волий, неIалт кхайкхадехьа Якъубан
тIаьхьенна,
сардам боллахьа Исраилан халкъана!“ – аьлла.
8 Амма Дала неIалт ца кхайкхийнчунна
аса муха кхайкхор ду неIалт?
Ткъа Везачу Эло сардам ца боьллинчунна
аса муха буллур бу сардам?
9 Ломан боххьера дIахьаьжча а, го суна и халкъ,
лекхачу гунаш тIера а хьоьжу со цуьнга.
И халкъ дIакъаьстина дехаш ду,
кхечу къаьмнашна юкъа а ца догIу иза.
10 Хьаьнга дагардалур дара чан санна дукха долу
Якъубан халкъ?
Исраилан халкъан доьалгIа дакъа а хьаьнга
дагардалур дара?
Делан лаамехь волчун санна дIакхалхар
хилахьара сан а!
Цу халкъан санна чаккхе хилахьара сан а!»
11 Балакха БалиIаме элира: «Ахьа суна дийриг хIун
ду те? Аса сайн мостагIашна неIалт
кхайкхадайтархьама схьавалийна хьо, ткъа хьо
уьш декъалбеш ву?»
12 БалиIама, цунна жоп а луш, элира: «Везачу Эло
сайга дIаала аьлларг ма-дарра дIаала ца деза ткъа
аса?»

### БалиIама шозлагIа бина Делера хаам

13 Балакха БалиIаме элира: «Соьца кхечу метте
дIаволахь, цигара гур дара хьуна и халкъ, дерриге
а ца гуш, ткъа цуьнан дакъа гур дара. Оцу меттера
дIа сан дуьхьа неIалт кхайкхадехьа царна».
14 Балакха Пасги-лам тIехь йолчу Цапим-аренга
валийра БалиIам. Цигахь цо, сагIа доккху ворхI
меттиг а кечйина, цхьацца старгIа а, ка а беана,
сагIа даькkхира.
15 БалиIама Балакхе элира: «Хьо кхузахь
дийнаташ дагоран сагIина юххехь Iе, ткъа со
дехьаволу, Далла дуьхьал а хIуттуш».
16 ТIаккха Везачу Эло, БалиIамна дуьхьал а веана,
Балакхе дIаала дезарг бага а диллина, БалиIаме
Балакх волчу юхаверза элира. 17 БалиIам юхавеача,
Балакх дийнаташ дагоран сагIина юххехь латтташ
вара, цуьнца цхьаьна муабахойн баьччанаш а
бара. Шена тIевогIу БалиIам а гина, Балакха цуьнга
хаьттира: «ХIун боху Везачу Эло?» 18 БалиIама жоп
делира:
«Балакх, хьала а гIаттий, ладогIа соьга!
ЛадогIа соьга Ципуран кIант Балакх!
19 Дела адам дац, Цо аьшпаш ца бутту.
Иза адамех схьаваьлла вац, Цо Шена дагадеанарг
ца хуьйцу.
Ша йинчу чIагIонца ца лела ткъа Иза?
Ша дийр ду аьлларг кхочушдийр дац ткъа Цо?
20 И халкъ декъалдар тIедиллина суна.
Дала уьш декъалбина хилча, сан йиш яц иза
хийца.
21 Якъубан тIаьхьенна зулам хирг хилар гуш дац,
Исраилан халкъана бохам хирг хилар гуш дац.
Церан Веза Дела цаьрца ву!
Уьш баккхийберца кхойкхуш бу,
Иза шайн Паччахь хиларна.
22 Дала Мисар-махкара арадаькkхина и халкъ,
бугIанан маIашкахь болу ницкъ а болуш.
23 Якъубан тIаьхьенна дуьхьал лелийна
бозбунчаллаш а кхочушхир дац,
Исраилан халкъана дуьхьал тесна пал а
кхочушхир бац.
Шен хенахь Якъубах лаьцна наха дуьйцур ду,
Исраилах лаьцна эр ду: „Иштта хIума дина-кх
Дала!“
24 И халкъ стен лом санна дIахIутту,
шен ижу дIакхаллалц паргIат ца долу а,
ша хIаллакдинчеран цIий дIамаллалц дIа ца дуьжу
а
лом санна хьалагIотту иза».
25 Балакха БалиIаме элира: «Ахьа я неIалт ма
кхайкхаде цу халкъана я иза декъал а ма де».

26 БалиIама жоп делира Балакхе: «Ца элира ткъа
аса хьоьга, Везачу Эло сайга де аьлларг дийр ду аса
аьлла?»

### БалиIама кхозлагIа бина Делера хаам

27 ТIаккха Балакха элира БалиIаме: «Валохьа, аса
хьо кхечу метте вуьгур вара. Дела реза хила тарло,
оцу меттера сан дуьхьа хьоьга царна неIалт
кхайкхадайта!» 28 Балакха ПаIор цIе йолчу, яьссачу
арахьа бирзина болчу ломан боххье вигира
БалиIам. 29 «СагIа доккху ворхI меттиг суна кеч а яй,
ворхI старгIа а, ворхI ка а суна кечбе», – элира
БалиIама. 30 Балакха кхочушдира шега БалиIама
аьлларг. Цо сагIа доккхучу хIора меттигна тIехь,
цхьацца старгIа а, ка а буьйш, сагIа даьккхира.

24 БалиIамна гора, Исраилан халкъ декъалдар
Везачу Элана тамехь хилар, цундела цо, ша
хьалха шозза деш ма-хиллара, пал а ца тосуш, шен
юьхь яьссачу аренгахьа ерзийра. 2 Яьссачу аренга
дIахьаьжча, БалиIамна дерриг а Исраилан халкъ
гира, шен тайпанашца, *меттамотт* а хIоттийна,
льатташ. Делан Са доьссира БалиIамна тIе.
3 БалиIама хIара дешнаш элира:
«БеIаран кIанта БалиIама бина Делера хаам а,
сирла бIаьргаш болуш волчун хаам а бу хIара.
4 Делан дешнаш хезаш волчун хаам бу хIара.
Нуьцкъалчу Дала сайна хьалха хIоттийна сурт,
льатта а вужий, дIабиллинчу бIаьргашца го суна.
5 Якъубан халкъ! Мел хаза ду-кх хьан четарш!
Исраилан халкъ! Ма хаза ю-кх хьан хIусамаш!
6 ТогIеш санна, дIасаяьржина уьш,
хин йистошкара бошмаш санна, ю уьш!
Везачу Эло дIадоьгIна долу хаза хьожа йоуьйту
*сарап* санна, ю уьш!
Хиш долчохь льатташ долу баганан дитташ санна,
ю уьш!
7 Церан чийлакаш † чуьра хи льатта тIехъоьхур ду,
церан хIух схьабевллачарна алссам хи хир ду.
АгIаг-паччахьал а лакхара хир ву церан паччахь.
Сийлахь а хилла дIахIуттур ю церан паччахьалла!
8 Дала Мисар-махкара арадаьккхина и халкъ.
БугIанан маIашкахь болу ницкъ бу цуьнгахь.
Шена дуьхьалдевлла халкъаш цоьсту цо,
мостагIчун даьIахкаш а оту цо,
шен пхерчий а кхуьссу цунна тIе.
9 ††Дижина Iуьллучу льомах тера ду и халкъ.
Хьан доккхур дара иза меттах?
Хьо декъалвийриг декъала ву,
ткъа хьуна неIалт кхайкхош волчунна неIалт
кхайкхор ду!»
10 ТIаккха Балакх чIогIа дарвелира БалиIамна.
Шен куьйгаш вовшах а тухуш, цо БалиIаме элира:
«Аса сайн мостагIашна неIалт хьажо
схьавалийнера хьо, ткъа ахьа хIинца кхозлагIа а
уьш декъалбеш бу. 11 Хьайн цIа дIагIо! Со, хьоьга
болчу ларамна, хьуна совгIаташ дала воллура,
амма Везачу Эло ваьккхи хьо цу совгIатех».
12 БалиIама Балакхе элира: «Аса ца аьллера ткъа
ахьа суна тIебахкийтинчу геланчашка: 13 Нагахь
Балакха детих а, дешних а дуьзна долу шен
паччахьан цIа суна луш хилча а, Везачу Эло
бохучунна тIера а ваьлла, Цо магийтина доцу жима
я доккха цхьа а хIума дан йиш яц сан. Везачу Эло
сайга схьабоххург бен дIаэр дац аса!»

### БалиIама шега Делера тIаьхьара хилла хаам дIабовзийтар

14 «ХIинца со сайн халкъана тIе юхавоьрзу, амма
хьуна дIахаийта лаьа суна. Аса дуьйцур ду хьоьга
Исраилан халкъо хьох а, хьан халкъах а ден долчух
лаьцна». 15 БалиIама хIара дешнаш дIаэлира:
«БеIаран кIанта БалиIама бина Делера хаам а,
Сирла бIаьргаш болуш волчун хаам а бу хIара.
16 Делан дешнаш хезаш волчун хаам бу хIара,
Веза Воккха Дела шена вевзаш волчу.
Нуьцкъалчу Дала сайна хьалха хIоттийна сурт,
льатта а воьжна, дIабиллинчу бIаьргашца го суна.
17 Суна иза го, амма иза хIинцца дац.
Со цуьнга хьоьжу, амма иза гергга вац.
Цхьа Седа хьалабер бу Якъубан тIаьхьенах.
Паччахь вогIур ву Исраилан халкъана юкъара.
Цо муабахойн бIаьштигаш а отур ю,
ШатIин ерриге тIаьхье а хьоьшур ю.
18 Цо Эдом-мохк а дIалоцур бу,
шен мостагIа долу СеIиран халкъ а дIалоцур ду.
Ткъа Исраилан халкъан ницкъ совбер бу.
19 Якъубан тIаьхьенах схьавер ву цхьа урхалхо,
ткъа гIалара шаьш кIелхьарбевлларш
хIаллакбийр бу цо».
20 Цу хенахь БалиIамна Iамалекхахой гира. Цо
иштта дешнаш элира:
«Массо а къаьмнашна юкъахь
Iамалекхахойн къам хьалхарниг ду,
амма эххар а иза дакъазадер ду!»
21 Цул тIаьхьа кхенахой гира БалиIамна, цо иштта
дешнаш элира:
«Шу Iаш долу меттиг онда дIахIоттийна.
Шун бен тархан лакхенгахь бина бу.
22 Делахь а шу, кхенахой, дIадохур ду,
Ашура шу йийсаре дуьгучу дийнахь!»
23 Цул тIаьхьа БалиIама иштта дешнаш элира:
«ЭхI, Дала и дерриге а дича, мила вахалур ву те?
24 Хитам-гIайре йолчуьра хIордкеманаш догIур ду.
Цара толам боккхур бу Ашуран а, Iебаран а
халкъашна тIехь,
амма уьш шаьш а хIаллакьхир бу!»
25 БалиIам, хьала а гIаьттина, шен цIа дIавахара,
ткъа Балакх, шен новкъа а ваьлла, дIавахара.

### Исраилхоша Шитим-меттехь цIушна Iамалъяр

25 Шитим олучу меттехь шаьш *меттамотт*
хIоттийна Iаш болчу хенахь, исраилхой

† *Чийлик *– иза ведар ду.** †† *24:9 а: Доладалар 49:9; б: Доладалар 12:3.*

муабахойн зударшца лела буьйлабелира.
2 Муабахойн зударша шайн цIушна лерина
хIитточу сагIанийн тойнашка исраилхой кхойкхура.
Исраилхоша цаьрца цхьаьна сагIина деанарг а
доура, церан цIушна Iибадат а дора. 3 Иштта,
цигахь БаIал-ПаIор цIе йолчу цIунна Iамал ян
буьйлабелира исраилхой. ТIаккха Веза Эла чIогIа
дарвелира Исраилан халкъана. 4 Мусага Везачу Эло
элира: «Цу халкъан куьйгалхой берриш а, дIа а
леций, байа а байий, дийнан серлонгахь Везачу
Элана хьалха ирхъохка. ТIаккха Везачу Эло дерриге
а Исраилан халкъана Шен дарвалар дIадоккхур
ду». 5 Мусас исраилхойн кхелахошка элира: «Шух
хIораммо а шайна юкъара БаIал-ПаIор-цIунна
Iамал ян буьйлабелларш байа».
6 Юха, Муса а, дерриг а Исраилан халкъ а гуламан
четарна чуволлучохь тийжаш лаьтташ долчу
хенахь, царна массарна а гуш, цхьана исраилхочо
маданхойх йолу цхьа зуда шен вежаршна ялийра.
7 Шена и дерриг а гича, динан ден АхIаронан
кIентан ЭлиIазаран кIанта Пайнехьаса, гулам а
битина, шен *гоьмукъ* схьаийцира. 8 Оцу
исраилхочунна тIаьххье четар чу а ваьлла, цунах а,
цуьнца йолчу зудчух а шен гоьмукъ чекх а
баьккхина, и шиъ дийра Пайнехьаса. Цо и
дешшехь, исраилхой хIаллак а беш, царна юкъахь
даьржина долу ун сецира. 9 Цу даьржинчу уьнах
велларг ткъе виъ эзар стаг вара.
10 Везачу Эло Мусага элира: 11 «Динан ден
АхIаронан кIентан ЭлиIазаран кIанта Пайнехьаса,
исраилхошна юкъахь церан харцделанашка йолу
Сан эмгаралла кхиамца гучу а йоккхуш, Исраилан
халкъе йолу Сан дералла дIаерзийра. И бахьана
долуш Аса и халкъ хIаллак ца дира, Сайн эмгаралла
хиллехь а. 12 Цундела ахьа Пайнехьасе дIахаийта,
Аса бертан весет цуьнга до алий. 13 Цуьнга а,
цуьнан ерриге тIаьхьене а весет до Аса, уьш массо
а заманахь динан дай хир бу аьлла, хIунда аьлча
шен Делан дуьхьа иза кхиамца лелара, исраилхойн
къинош дIа а дохуьйтуш».
14 Маданхойн зудчуьнца вийна волу исраилхо
ШимIин тIаьхьенах болчу нехан куьйгалхо вара.
Салун кIант Зимари вара иза. 15 Ткъа йийначу
маданхойх йолчу зудчун цIе Кузаби яра. Иза
маданхойн цхьана тукхаман куьйгалхо волчу
Цурин йоI яра.
16 Везачу Эло Мусага элира: 17 «Маданхошка
инкарло йолуш а хила, уьш байа а байа, 18 хIунда
аьлча шайн мекарлонца цара а шайн шуьга йолу
инкарло гайтина. Цара шу ле ма дира, ПаIор олучу
меттехь хиллачу гIуллакха тIехь а, маданхойн
баьччанан йоI йолчу Кузабица доьзна долчу
гIуллакха тIехь а. ПаIорехь хилларг бахьанехь
нахана ун кхеттачу хенахь Кузаби, гоьмукъ а
Iоьттина, йийнера».

### Исраилан халкъ шозлагIа дагардар

26 †Ун кхеттачул тIаьхьа Мусага а, динан ден
АхIаронан кIант волчу ЭлиIазаре а Везачу
Эло элира: 2 «Дерриг а Исраилан халкъан, иза дагар
а деш, хьесап де, церан доьзалшка хьаьжжина.
Исраилхойн эскарехь гIуллакх дан мегаш волчу,
ткъа шо а, цул лакхара а хан йолчу хIора боьршачу
стеган цIе дIаязъе». 3 Шаьш Муаби-мехкан
аренашкахь, Ерихон-гIалина юххерчу Йордан-хин
йистехь, долчу хенахь, Мусас а, динан дас
ЭлиIазара а халкъе элира: 4 «Везачу Эло Мусана
тIедиллина ма-хиллара, ткъа шо а, цул лакхара а
хан йолу хIора боьрша стаг дIаязве».
Мисар-махкара арабевлла исраилхой хIорш бара:
5 Исраилан дуьххьарлера доьзалхо волчу
Раабанан тIаьхье иштта яра: Хьанахах бевллера
хьанахахой, Палух – палухахой, 6 Хьацраних –
хьацранихой, Granted Кармах – granted кармахой. 7 Иштта дара
Раабанан гаранаш. Уьш, багарбича, шовзткъе кхо
эзар ворхI бIе ткъе итт стаг вара (43730).
8 Палун кIант вара Элиаб. 9 Элиабан кхо кIант
вара: Намуал, Датан, Абирам. Халкъо
схьахаьржина болу уьш, Мусана а, АхIаронна а
дуьхьал а бевлла, Кхорахьна тIаьхьахIиттинчарна
юкъабогIура, цара Везачу Элана дуьхьало ечу
хенахь. 10 Цу хенахь, латта декъа а делла, уьш а,
Кхорахь а лаьтто дIакхаьллира. Цаьрца цхьаьна
Кхорахьна тIаьхьахIоьттина халкъ а делира, и ши
бIе шовзткъе итт стаг цIеро вагийча. Исраилан
халкъана дIахьедаран билгало хилира царах.
11 Ткъа Кхорахьан тIаьхье дийна йисира.
12 ШимIин тIаьхьенан гаранаш иштта дара:
Намуалах бевллера намуалхой, Яминах – яминхой,
Якинах – якинхой. 13 Зерахьах бевллера
зерахьахой, Шаулах – шаулхой. 14 Иштта дара
ШимIин гаранаш. Уьш, багарбича, ткъе ши эзар
ши бIе стаг вара (22200).
15 Гадин тIаьхьенан гаранаш иштта дара: Цепонах
бевллера цепонхой, Хьагих бевллера хьагихой,
Шуних – шунихой, 16 Озних – ознихой, Iерах –
Iерихой, 17 Ародих – ародихой, Ариэлих –
ариэлахой. 18 Иштта дара Гадин гаранаш. Уьш,
багарбича, шовзткъа эзар пхи бIе стаг хилира
(40500).
19 Iаьр а, Онан а ЯхIудан кIентех шиъ вара. Ткъа
уьш КанаIан-махкахь дIакхелхинера. 20 ЯхIудан
тIаьхьенан гаранаш иштта дара: Шейлин
тIаьхьенах бевллера шейлахой, Парасах –
парасхой, Зерахьах – зерахьахой. 21 Парасан
тIаьхье иштта яра: Хьацраних бевллера
хьацранихой, Хьамалах – хьамалхой. 22 Иштта дара
ЯхIудан гаранаш. Уьш, багарбича, кхузткъе ялхитта
эзар пхи бIе стаг хилира (76500).
23 Иссарханан тIаьхьенан гаранаш иштта дара:
ТовлаIах бевллера товлаIхой, Пувех – пувахой,
24 Яшабах – яшабхой, Шимронах – шимронхой.

† *26:1-51 Лелар 1:1-46.*

25 Иштта дара Иссарханан гаранаш. Уьш,
багарбича, кхузткъе виъ эзар кхо бIе стаг хилира
(64300).
26 Забулан тIаьхьенан гаранаш иштта дара:
Серадах бевллера серадхой, Элонах – элонхой,
Яхьлаалах – яхьлаалхой. 27 Иштта дара Забулан
гаранаш. Уьш, багарбича, кхузткъа эзар пхи бIе
стаг хилира (60500).
28 Юсупан тIаьхьенан гаранаш цуьнан ши кIант
волчу Маннашехула а, Эпраймехула а дара.
29 Маннашан тIаьхье иштта яра: Макирах
бевллера макирхой. Макиран кIант хилла ГалIад.
ГалIадах бевллера галIадхой. 30 ГалIадан тIаьхье
иштта хилла: ЙиIазарх бевллера йиIазархой, ткъа
Хьелакххах – хьелакххахой, 31 Асриалах – асриалхой,
Шехемах – шехемхой, 32 ШамидаIах – шамидаIхой,
Хьепарах – хьепархой. 33 Хьепаран кIант волчу
Цалпихьадан кIентий бацара, йоIарий бен.
Цалпихьадан йоIарийн цIераш хIорш яра:
Махьила, НуIат, Хьугила, Малка, Тирца. 34 Иштта
дара Маннашан гаранаш. Уьш, багарбича,
шовзткъе шийтта эзар ворхI бIе стаг вара (52700).
35 Эпрайман тIаьхье шен гаранашца иштта яра:
Шутлахьих бевллера шутлахьихой, Бахрих –
бахрихой, Тахьанах – тахьанхой. 36 Шутлахьин
тIаьхье иштта яра: Iаьранах бевллера Iаьранхой.
37 Иштта дара Эпрайман гаранаш. Уьш, багарбича,
ткъе шийтта эзар пхи бIе стаг вара (32500).
Иза яра Юсупан ерриге а тIаьхье цуьнан
гаранашца.
38 Бен-Яманан тIаьхьенан гаранаш иштта дара:
БулаIах бевллера булаIхой. Ашбелих – ашбелихой,
Ахьирамах – ахьирамхой, 39 Шапу-Памах бевллера
шапумхой, Хьупамах – хьупамхой. 40 БулаIан
кIентий бара: Арди, НаIаман. Ардих бевллера
ардихой, НаIаманах – наIаманхой. 41 Иштта дара
Бен-Яманан тIаьхье шен гаранашца. Уьш,
багарбича, шовзткъе пхи эзар ялх бIе стаг вара
(45600).
42 Данан тIаьхьенан гара иштта дара: Шухьамах
бевллера шухьамхой. Иза дара Данан гара.
43 Шухьаман тIаьхьенах берш багарбича, уьш
берриш кхузткъе виъ эзар виъ бIе стаг вара
(64400).
44 Ашаран тIаьхьенан гаранаш иштта дара:
Иманих бевллера иманихой, Ишвих – ишвихой,
БериIах – бериIхой. 45 БериIан тIаьхьенах бевлларш
хIорш бара: Хьебарх бевллера хьебархой,
Малкиалх – малкиалхой. 46 Ашаран йоIан цIе яра
Серахь. 47 Иштта дара Ашаран гаранаш. Уьш,
багарбича, шовзткъе кхойтта эзар виъ бIе стаг
вара (53400).
48 Напталан тIаьхьенан гаранаш иштта дара:
Яхьциалах бевллера яхьциалхой, Гуних – гунихой,
49 Йицарх – йицархой, Шиламах – шиламхой.
50 Иштта дара Напталан гаранаш. Уьш, багарбича,
шовзткъе пхи эзар виъ бIе стаг вара (45400).
51 Багарбинчарна юкъабаханчу исраилхойн
терахь дара ялх бIе цхьа эзар ворхI бIе ткъе итт
стаг (601730).
52 †Везачу Эло Мусага элира: 53 «ТIаьхьенна
гуттаренна а делла латта дIасадекъа деза, оцу
гаранашна лаьттан дакъош кхачийтархьама, церан
терахье хьаьжжина. 54 Гара доккха делахь, цунна
лаьттан доккхах долу дакъа а кхачийта, ткъа жима
гара делахь, дакъа а жимах дерг кхачийта. Царна
хIоранна а кхочун долу лаьттан дакъа дагардинчу
халкъе хьаьжжина хилийта. 55 Кхаж а тосуш, латта
дIасадекъа. ХIора гаранна, шен тайпанан ден цIаре
хьаьжжина, махкахь долу лаьттан дакъа кхочур ду.
56 Доккхачу а, жимачу а тайпанашна юкъахь
лаьттан дакъош кхаж тасарца дIасадоькъур ду».
57 Левихойн тIаьхьенах багарбинарш шен
гаранашца иштта бара: ГIиршанах бевллера
гIиршанхой, КхахIатах – кхахIатхой, Мерарих –
мерарихой. 58 Левин гаранаш иштта дара: Ливанин
гара, Хьевронан гара, Махьлин гара, Мушхьин
гара, Кхорахьан гара. КхахIатан хилира кIант
Iамрам. 59 Iамраман зудчун цIе Йохабадат яра. Иза
а яра Левин тайпанах схьаяьлла. Иза Мисар-
махкахь дуьнен чу яьллера. Iамраман а,
Йохабадатан а ши кIант вара: АхIарон а, Муса а.
Иштта цхьа йоI а яра церан, цу шина кIентан йиша
йолу Марем. 60 ††АхIаронан кIентий хIорш бара:
Надаб, АбихIу, ЭлиIазар, Итамар. 61 ‡Ткъа Надаб а,
АбихIу а велира, хIунда аьлча Везачу Эло магийна
йоцучу цIергахь даькхинера цу шиммо Везачу
Элана лерина сагIа. 62 Дерриге а цхьа бутт цул
лакхара а хан йолу халкъ дагардича, царна юкъахь
боьршачу нахах ткъе кхоъ эзар стаг хилира.
Левихой дерриге а Исраилан халкъаца цхьаьна
багар ца бинера, хIунда аьлча исраилхошна
юкъахь царна лаьттан дакъа ца кхаьчнера.
63 Оццул дара Мусас а, динан дас ЭлиIазара а
дагардина долу Муаби-мехкан аренашкахь,
Ерихон-гIалина юххехь долчу Йордан-хин йистехь
хилла долу Исраилан халкъ. 64 Тохара хьалха Синай
яьссачу арахь Мусас а, динан дас АхIарона а
дагардинчарах цхьа а адам хIинца дагардинчу
халкъана юкъахь дацара. 65 ‡†Везачу Эло
хIетахьлерчу исраилхошка аьллера, уьш яьссачу
арахь берриге а хIаллакьхир бу. Царах цхьа а
дийна ца виснера, Епунин кIант Килаб а, Нунин
кIант ЮшаI а воцург.

### Цалпихьадан йоIарий

27 Хьепаран кIентан а, ГалIадан кIентан а,
Макиран кIентан а, Маннашан кIентан а,
Юсупан кIант волчу Цалпихьадан пхи йоI яра:
Махьила, НуIат, Хьугила, Малка, Тирца. 2 И зударий,
гуламан четаран чуволлучу метте а баьхкина,
Мусана а, динан дена ЭлиIазарна а, халкъан
куьйгалхошна а, дерриг Исраилан халкъана а

† *26:52-56 Лелар 34:13.* †† *26:60 Лелар 3:2.* ‡ *26:61 Iамалъяр 10:1, 2; Лелар 3:4.* ‡† *26:65 Лелар 14:26-35.*

хьалха дӀахӀиттира. Цара элира: 3 «Яьссачу арахь
тхан да велира. Везачу Элана дуьхьалваьллачу
Кхорахьна тӀаьхьахӀиттинчу нахана юкъахь вацара
иза, ткъа шех даьлла къа бахьана долуш веллера
иза. Тхан ден кӀентий бацара. 4 Тхан ден кӀентий ца
хиларна, цуьнан цӀе дуьнен чуьра дӀаяйа езий те?
Тхан ден вежаршна юкъахь тхуна а лаьттан дакъа
кхачийтахьара».
5 Мусас и гӀуллакх Везачу Элана тӀедаьхьира.
6 Везачу Эло Мусага жоп делира: 7 †«Цалпихьадан
йоӀарша нийса боху. Церан ден вежаршна юкъахь
царна а лаьттан дакъа кхачийта. Церан дена
догӀуш хилла долу лаьттан дакъа цуьнан метта
царна кхачаде. 8 Ткъа Исраилан халкъана тӀе а
дуьллуш, хӀара дӀахьедар де: „Нагахь цхьаннан
кӀант ца хиллехь, иза велча, цу стеган лаьттан
дакъа цуьнан йоӀана дӀадала деза. 9 Ткъа нагахь
стеган йоӀ а ца хиллехь, цу стеган лаьттан дакъа
цуьнан вежаршна дӀадала деза. 10 Нагахь санна цу
стеган вежарий ца хиллехь, цуьнан лаьттан дакъа
дӀадала деза цуьнан ден вежаршна. 11 Ткъа нагахь
санна цу стеган ден вежарий ца хиллехь, и лаьттан
дакъа цуьнан гаранехь уггаре а юххера волчу
гергарчу стагана дӀадала деза, иза цуьнан дола а
доккхуш. Веза Эла волчу Аса Мусана тӀедиллина
ма-хиллара, исраилхошна юкъахь долу парз хир ду
иза“».

### Мусана тӀаьхьа ЮшаӀ дӀахӀоттар

(Карлабаькккхинарг 31:1-8)

12 ††Везачу Эло Мусага элира: «Ӏабарим цӀе йолчу
лаьмнийн регӀахь болчу хӀокху лома тӀе а валий, цу
тӀера дӀахьажа Аса Исраилан халкъана луш долчу
лаьтте. 13 Цу лаьтте дӀахьаьжначул тӀаьхьа, хьо дӀа а
кхелхина, хьайн дайх дӀакхетар ву, хьан ваша
АхӀарон дӀа-ма-кхеттара, 14 хӀунда аьлча Цин цӀе
йолчу яьссачу арахь хиш долчу меттехь халкъ
карзахдаьллачу хенахь, ахьа а, АхӀарона а, Аса
шуьшинна тӀедиллинчунна дуьхьал а волуш,
халкъана хьалха Сан возалла къобал ца дира».
(Уьш дара Цин цӀе йолчу яьссачу арахь долчу
Мериба-Кхадеш-шовданан хиш.)
15 Мусас Везачу Эле жоп делира: 16 «Ва Веза Эла,
муьлххачу а дегӀана чохь долчу синан Дела, хӀокху
халкъана тӀехь куьйгалхо хила везарг къобалвехьа,
17 ‡халкъ дӀадуьгун волу а, тӀом бечу хенахь нахана
тӀехь урхалла ден волу а, Везачу Элан халкъ Ӏу воцу
жа санна ца дисийтархьама». 18 ‡†ТӀаккха Везачу Эло
Мусага элира: «Шена чохь доьналлин са долуш
волчу Нунин кӀантана ЮшаӀана хьайн куьйгаш
тӀедахка. 19 Иза, динан дена ЭлиӀазарна хьалха а,
дерриге а халкъана хьалха а дӀа а хӀоттавай, царна
хьалха урхаллин гӀуллакх дарна къобалве. 20 Хьайн
олаллин дакъа ло цунна, Исраилан дерриге а халкъ
цунна муьтӀахь хилийтархьама. 21 ‡‡ЮшаӀ *динан да*
волчу ЭлиӀазарца воьзна хир ву, хӀунда аьлча
ЮшаӀана тӀера ЭлиӀазара Везачу Эле хаттар дийр
ду Урим цӀе йолчу безачу тӀулгаца. Везачу Элан
тӀедилларца ЮшаӀ а, дерриге а Исраилан халкъ а
тӀаме дӀагӀур ду я юхадоьрзур ду». 22 Везачу Эло
шена тӀедиллинарг кхочушдира Мусас. Динан дена
ЭлиӀазарна а, дерриг халкъана а хьалха
дӀахӀоттийра цо ЮшаӀ. 23 ‡‡†ЮшаӀана тӀе шен
куьйгаш а дехкина, иза къобалвира Мусас, Везачу
Эло шена тӀедиллина ма-хиллара.

### ХӀора дийнахь доху сагӀанаш

(Арадаккхар 29:38-46)

28 Везачу Эло Мусага элира: 2 «Исраилхошна тӀе
а дуьллуш, ахьа иштта дӀаала: „Варелаш!
Билгалъяьхначу хенашкахь Суна лерина долу Сан
кхачанан сагӀанаш дахалаш. И сагӀанаш цӀера тӀехь
даха дезаш ду, ткъа церан хьожа Суна тамехь хир
ю“.
3 Цаьрга иштта дӀаала: „ЦӀера тӀехь аша Везачу
Элана лерина даккха дезаш долу сагӀа хӀара ду:
хӀора денна бан беза дийнаташ дагоран сагӀина
лерина шо кхаьчна болу шайна тӀехь цхьа а сакхт
доцу ши боьрша Ӏахар. 4 Цхьа Ӏахар Ӏуьйранна баго
беза, шолгӀаниг – суьйранна. 5 ХӀора сагӀанца кӀен
сагӀина лерина дан деза шех *хӀинан* доьалгӀа дакъа
тоьлла долчу зайтдаьттанца эдина долу бархӀ кад
тоьлла дама. 6 Иза ду хӀора дийнахь доккху дагоран
сагӀа, Синай-лома тӀехь долийна долу. Иза цӀера
тӀехь даькккхина сагӀа ду, ткъа цуьнан хьожа Везачу
Элана тамехь ю. 7 Иштта дийнаташ дагоран сагӀа
доккхучу хенахь чагӀаран сагӀа а даккха деза. ХӀора
Ӏахарца цхьаьна дан деза хӀинан доьалгӀа дакъа
долу чагӀар. Иза Везачу Элана лерина сагӀа ду,
езачу меттехь дотта деза иза. 8 Шаьш Ӏуьйранна
доккхуш ма-хиллара, суьйранна а даккха деза аша
дагоран сагӀа, шолгӀа Ӏахар а багош, цуьнца
цхьаьна кӀен сагӀа а, чагӀаран сагӀа а доккхуш. Иза
хир ду Везачу Элана тамехь йолу хьожа йохуьйту
цӀера тӀехь даькккхина сагӀа“».

### Шоьтан дийнахь доху сагӀанаш

9 «Далла леринчу шоьтан дийнахь а бан беза шо
кхаьчна болу ши боьрша Ӏахар, шайна тӀехь цхьа а
сакхт доцуш болу. Цуьнца цхьаьна кӀен сагӀина
лерина дан деза зайтдаьттанах эдина долу ялхитта
кад тоьлла кӀен дама а, цуьнца цхьаьна чагӀаран
сагӀина лерина чагӀар а. 10 ХӀора дийнахь доккхучу
сагӀина а, цуьнца догӀучу чагӀаран сагӀина а
тӀетоьхна дохуш долу Далла леринчу шоьтан
деношкахь шатайпа доху дагоран сагӀа ду иза».

### Бутт цӀинлучу хенахь доху дагоран сагӀанаш

11 «ХӀора беттан хьалхарчу дийнахь Везачу Элана
лерина дийнаташ дагоран сагӀанаш даха. Иштта
дийнаташ дан деза аша: шайна тӀехь цхьа а сакхт

† *27:7 Лелар 36:2.* †† *27:12-14 Карлабаькккхинарг 3:23-27; 32:48-52.* ‡ *27:17 Сулим 22:17; Яхьазкхиал 34:5; Маттай 9:36; Марк 6:34.* ‡† *27:18 Арадаккхар 24:13.* ‡‡ *27:21 Арадаккхар 28:30; Шамъал 14:41; 28:6.* ‡‡† *27:23 Карлабаькккхинарг 31:23.*

доцу ши старгIа, цхьа ка, шо кхаьчна болу ворхI
боьрша Iахар. [12] ХIора старгIица цхьаьна кIен
сагIина лерина зайтдаьттанах эдина долу цхьа сахь
тоьлла кIен дама а дан деза аша. Ткъа коьмаца дан
деза кIен сагIина лерина зайтдаьттанах эдина долу
ялхитта кад тоьлла кIен дама. [13] Иштта хIора
Iахарца дан деза кIен сагIина лерина долу
зайтдаьттанах эдина бархI кад тоьлла кIен дама.
Иза цIера тIехь даьккхина долу дагоран сагIа ду,
ткъа цуьнан хьожа Везачу Элана тамехь ю.
[14] ЧагIаран сагIина лерина цхьана старгIица
цхьаьна аххIин чагIар а, коьмаца цхьаьна хIинан
кхоалгIа дакъа чагIар а, цхьана Iахарца цхьаьна
хIинан доьалгIа дакъа чагIар а дан деза. Цу
тайпана дийнаташ дагоран сагIа даккха деза
шеран хIора бутт болалучу хенахь. [15] Шаьш хIора
дийнахь дохучу дийнаташ дагоран а, чагIаран а
сагIанел сов Везачу Элана лерина къинан сагIина
лерина цхьа бож яло еза аша».

### Пасахьан дезачу дийнахь доху сагIанаш
(Iамалъяр 23:5-14)

[16] †«Шеран хьалхарчу беттан дейтталгIачу
дийнахь Везачу Элана лерина Пасахьан дезде хир
ду. [17] ††Ткъа цу беттан пхуьйтталгIачу дийнахь кхин
дезде а долалур ду. ВорхI дийнахь совсоза болчу
бедах деттина бепиг даа деза. [18] Цу дезачу денойн
хьалхарчу дийнахь беза гулам дIахIотто беза аша.
Цу дийнахь вукху деношкахь санна болу болх ма
бе. [19] ЦIера тIехь даьккхина сагIа санна, Везачу
Элана лерина дийнаташ дагоран иштта сагIа
даккха: ши старгIа а, цхьа ка а, шо кхаьчна болу
ворхI Iахар а. Уьш тIехь цхьа а сакхт доцуш хила
беза. [20] Иштта цаьрца цхьаьна кIен сагIина лерина
зайтдаьттанах эдина долу тоьлла кIен дама а кечде:
хIора старгIица ткъе биъ кад дама, коьмаца
ялхитта кад дама, [21] ткъа ворхI Iахарх хIоранца
бархI кад дама. [22] Къинан сагIина лерина цхьа бож
яло еза, шайн дуьхьа къинош дIадахаран Iадат
кхочушдархьама. [23] ХIора дийнахь, шаьш дохучу
Iуьйренан дагоран сагIанел совдахий дахалаш
хIара сагIанаш. [24] Иштта кIиранан хIора дийнахь
кечделаш шайх йогIу хаза хьожа Везачу Элана
тамехь хуьлу а, цIера тIехь даьхна долу а хIара
кхачанан сагIанаш. Шаьш хIора дийнахь дохучу
дийнаташ дагоран сагIанел совдахий даха и
сагIанаш. [25] Цул тIаьхьа ворхIалгIачу дийнахь а
беза гулам дIахIотто беза аша. Цу дийнахь вукху
деношкахь санна болу болх ма бе».

### Ялта чудерзоран дезачу денна лерина доху сагIанаш
(Iамалъяр 23:15-22)

[26] ‡«Дуьххьарлера ялта схьаэцаран де долчу,
*ШавуIот* цIе йолчу дезачу дийнахь, шайн керлачу
ялтих Везачу Элана лерина кIен сагIа шаьш
даьккхича, аша беза гулам дIахIоттабе, ткъа вукху
деношкахь санна болу болх ма бе. [27] Шех йогIу хаза
хьожа Везачу Элана тамехь хуьлуш долу дийнаташ
дагоран иштта сагIа даккха: ши старгIа а, цхьа ка а,
шо кхаьчна болу ворхI боьрша Iахар а. [28] Цаьрца
цхьаьнадогIу кIен сагIанаш а даха: хIора старгIица
зайтдаьттанах эдина долу ткъе биъ кад тоьлла кIен
дама а, коьмаца ялхитта кад дама а, [29] ткъа хIора
Iахарца бархI кад дама а. [30] Иштта къинан сагIина
лерина цхьа бож яло еза, шайн дуьхьа къинош
дIадахаран Iадат кхочушдархьама. [31] Цу тайпана,
хIора Iуьйранна дохуш долчу дийнаташ дагоран а,
кIен а сагIанел совдахий, да Суна уьш, церан
чагIаран сагIа а доккхуш. Аша сагIина далош долу
дийнаташ шайна тIехь цхьа а сакхт доцуш хила
деза».

### Локхучу маIийн деза де
(Iамалъяр 23:23-25)

29 «ВорхIалгIачу беттан хьалхарчу дийнахь,
аша беза гулам дIахIоттабе. Цу дийнахь вукху
деношкахь санна болу болх ма бе. Локхучу маIийн
деза де хир ду шуна. [2] Везачу Элана тамехь йолу
хаза хьожа хьалайохуьйту дийнаташ дагоран сагIа
иштта даккха: цхьа старгIа а, цхьа ка а, шо кхаьчна
болу ворхI боьрша Iахар а. Массо а и дийнаташ
шайна тIехь сакхт доцуш хила деза. [3] Цаьрца
цхьаьна кIен сагIина лерина зайтдаьттанах эдина
долу тоьлла кIен дама а кечде: хIора старгIица ткъе
биъ кад дама, коьмаца ялхитта кад дама, [4] ткъа
ворхI Iахарх хIоранца дан деза бархI кад дама.
[5] Къинан сагIина лерина цхьа бож яло еза, шайна
тIера къинош дIадахаран Iадат
кхочушдайтархьама. [6] Везачу Эло тIедиллина ма-
хиллара, хIора баттахь дохучу дийнаташ дагоран
сагIанел а, цуьнца цхьаьна дохучу кIен сагIанел а,
хIора дийнахь дохучу дийнаташ дагоран сагIанел
а, цуьнца цхьаьна дохучу кIен а, чагIаран а
сагIанел а сов доккхуш ду хIара сагIа. Иза цIера
тIехь даьккхина сагIа ду, ткъа цуьнан хьожа Везачу
Элана тамехь хуьлу».

### Къинош дIадахаран дийнахь доху сагIанаш
(Iамалъяр 23:26-32)

[7] ‡†«Оцу ворхIалгIачу беттан уьтталгIачу дийнахь
аша беза гулам дIахIоттабе. Массо а хIуманна тIера
*марха* а кхобуш, цхьа а тайпа болх ма бе цу
дийнахь. [8] Везачу Элана тамехь йолу хаза хьожа
йогIу дийнаташ дагоран сагIа даккха: цхьа старгIа
а, цхьа ка а, шо кхаьчна болу ворхI боьрша Iахар а
бай. Уьш тIехь сакхт доцуш хила деза. [9] Цаьрца
цхьаьна кIен сагIина лерина хIора дийнатца
зайтдаьттанах эдина долу тоьлла кIен дама а кечде:
хIора старгIица ткъе биъ кад дама, коьмаца
ялхитта кад дама, [10] Иштта оцу хIора ворхI Iахарца
дан деза бархI кад дама. [11] Къинош дIадахаран

† *28:16 Арадаккхар 12:1-13; Карлабаьккхинарг 16:1, 2.* †† *28:17-25 Арадаккхар 12:14-20; 23:15; 34:18; Карлабаьккхинарг 16:3-8.* ‡ *28:26-31 Арадаккхар 23:16; 34:22; Карлабаьккхинарг 16:9-12.* ‡† *29:7-11 Iамалъяр 16:29-34.*

Іадат кхочушдечу хенахь шаьш дохучу къинан
сагІанел а, хІора дийнахь аша дохучу дийнаташ
дагоран а, цаьрца дохучу кІен а, чагІаран а
сагІанел сов цхьа бож къинах долу сагІа санна
яккха еза аша».

### Кхалорийн дезачу деношкахь доху сагІанаш

(Іамалъяр 23:33-44)

12 †«ВорхІалгІачу беттан пхуьйтталгІачу дийнахь
аша беза гулам дІахІоттабе. Кхечу деношкахь санна
болу болх а ца беш, Везачу Элана лерина долу и
дезде ворхІ дийнахь дазде аша. 13 Шех хаза хьожа
йогІу Везачу Элана тамехь хуьлу дийнаташ дагоран
иштта сагІа даккха цІера тІехь: кхойтта старгІа а,
ши ка а, шо кхаьчна болу бейтта боьрша Іахар а. И
дийнаташ шайна тІехь сакхт доцуш хила деза.
14 Цаьрца цхьаьна кІен сагІина лерина хІора
дийнатца зайтдаьттанах эдина долу тоьлла кІен
дама а кечде: кхойтта старгІанах хІоранца ткъе биъ
кад дама, шина коьмах хІоранца ялхитта кад дама,
15 бейтта Іахарх хІоранца бархІ кад дама. 16 Къинан
сагІина лерина яло еза цхьа бож. Уьш хир ду аша
хІора дийнахь дохучу дагоран а, кІен а, чагІаран а
сагІанел совдаьхна дохуш долу сагІанаш.
17 ШолгІачу дийнахь яло еза шийтта старгІа а, ши
ка а, шо кхаьчна болу бейтта Іахар а. Уьш шайна
тІехь сакхт доцуш хила деза. 18 СтаргІанашца а,
койшца а, Іахаршца а цхьаьна, церан терахье
хьаьжжина, кІен а, чагІаран а сагІанаш даха,
шайна тІедиллина ма-хиллара. 19 Ткъа хІора
дийнахь шаьш дохучу дийнаташ дагоран а, кІен а,
чагІаран а сагІанел совдаьккхина къинан сагІина
лерина цхьа бож яло еза аша.
20 КхозлагІчу дийнахь яло еза цхьайтта старгІа а,
ши ка а, шо кхаьчна болу бейтта Іахар а. Уьш тІехь
сакхт доцуш хила деза. 21 Цаьрца цхьаьна дан деза
кІен а, чагІаран а сагІанашна лерина долу хІума,
ялийначу старгІанийн а, койн а, Іахарийн а терахье
хьаьжжина, Везачу Эло тІедиллина ма-хиллара.
22 Ткъа хІора дийнахь шаьш дохучу дийнаташ
дагоран а, кІен а, чагІаран а сагІанел совдаьккхина
къинан сагІина лерина цхьа бож яло еза аша.
23 ДоьалгІачу дийнахь яло еза итт старгІа а, ши ка
а, шо кхаьчна болу бейтта Іахар а. Уьш шайна тІехь
сакхт доцуш хила деза. 24 Цаьрца а дан деза кІен
сагІина а, чагІаран сагІина а лерина дахьаш дерг.
Везачу Эло тІедиллина ма-хиллара, ялийначу
старгІанийн а, койн а, Іахарийн а терахье
хьаьжжина, хила деза иза. 25 Ткъа хІора дийнахь
шаьш дохучу дийнаташ дагоран а, кІен а, чагІаран
а сагІанел совдаьккхина къинан сагІина лерина
цхьа бож яло еза аша.
26 ПхоьалгІачу дийнахь яло еза исс старгІа а, ши
ка а, шо кхаьчна болу бейтта Іахар а. Уьш тІехь
сакхт доцуш хила деза. 27 Цаьрца а дан деза кІен а,
чагІаран а сагІанашна дахьаш дерг. Везачу Эло
тІедиллина ма-хиллара, сагІина лерина ялийначу
старгІанийн а, койн а, Іахарийн а терахье
хьаьжжина дан деза иза. 28 Ткъа хІора дийнахь
шаьш дохучу дийнаташ дагоран а, кІен а, чагІаран
а сагІанел совдаьккхина къинан сагІина лерина
цхьа бож яло еза аша.
29 ЙолхалгІачу дийнахь яло еза бархІ старгІа а, ши
ка а, шо кхаьчна болу бейтта Іахар а. Уьш тІехь
сакхт доцуш хила деза. 30 Цаьрца дан деза кІен а,
чагІаран а сагІанашна лерина дахьаш дерг. Иза
хила деза, Везачу Эло тІедиллина ма-хиллара,
ялийначу старгІанийн а, койн а, Іахарийн а терахье
хьаьжжина. 31 Ткъа хІора дийнахь шаьш дохучу
дийнаташ дагоран а, кІен а, чагІаран а сагІанел
совдаьккхина къинан сагІина лерина цхьа бож яло
еза аша.
32 ВорхІалгІачу дийнахь яло еза ворхІ старгІа а,
ши ка а, шо кхаьчна болу бейтта Іахар а. Уьш тІехь
сакхт доцуш хила деза. 33 Цаьрца а дан деза кІен а,
чагІаран а сагІанашна лерина дахьаш дерг. Везачу
Эло тІедиллина ма-хиллара, сагІина лерина
ялийначу старгІанийн а, койн а, Іахарийн а терахье
хьаьжжина хила деза иза. 34 Ткъа хІора дийнахь
шаьш дохучу дийнаташ дагоран а, кІен а, чагІаран
а сагІанел совдаьккхина къинан сагІина лерина
цхьа бож яло еза аша.
35 БархІалгІачу дийнахь беза гулам дІахІоттабе.
Вукху деношкахь санна болу болх ма бе цу
дийнахь. 36 Шех хаза хьожа йогІу Везачу Элана
тамехь хуьлу дийнаташ дагоран иштта сагІа даккха
цІера тІехь: цхьа старгІа а, цхьа ка а, шо кхаьчна
болу ворхІ Іахар а. Уьш тІехь сакхт доцуш хила
деза. 37 Цаьрца дан деза кІен а, чагІаран а
сагІанашна лерина дахьаш дерг. Везачу Эло
тІедиллина ма-хиллара, сагІина лерина ялийначу
старгІанийн а, койн а, Іахарийн а терахье
хьаьжжина, дан деза иза. 38 Ткъа хІора дийнахь
шаьш дохучу дийнаташ дагоран а, кІен а, чагІаран
а сагІанел совдаьккхина, къинан сагІина лерина
цхьа бож яло еза аша.
39 Иштта, шайн динан дезачу деношкахь цу
тайпана дийнаташ дагоран а, кІен а, чагІаран а,
бертан а сагІанаш даха. Шаьш йина чІагІо
кхочушхилийтархьама я шайн деган лаамца дохучу
сагІанел совдахий даха и сагІанаш».

30 Везачу Эло шена тІедиллинарг дерриге а
дІадийцира Мусас Исраилан халкъе.

### Нигат дарх лаьцна

2 Исраилхойн тайпанийн куьйгалхошка Мусас
элира: «Везачу Эло вайна хІара тІедуьллу: 3 ††Нагахь
цхьаммо Везачу Элана нигат дахь, я, шен сих дуй а
бууш, цхьа хІума дан ша дехкахь, цо шен дош дохо
ца деза. Ша дийр ду аьлла, тІе мел лаьцнарг
кхочушдан деза цо.
4 Нагахь шен ден цІахь Іаш йолчу йоІстага Везачу
Элана нигат дахь, я, шен сих дуй а бууш, цхьа хІума
дан ша дехкахь, 5 ткъа цу йоІан дена, цо дина нигат

† 29:12-38 *Іамалъяр 23:34; Карлабаькkхинарг 16:13-15.*

†† 30:3 *Карлабаькkхинарг 23:21-23; Маттай 5:33.*

я, шен сих дуй а бууш, цхьа хIума дан цо дехкар
дIахезча, дуьхьало а ца еш иза IадIийча, йоIа мел
дина нигат а, цо, шен сих дуй а бууш, кхочушдан
ша дихкина хIума а кхочушдан деза. 6 Ткъа нагахь
цу йоIан дена, и хIума дIа а хезна, цо дуьхьало яхь,
цо мел дина нигат а, я цу йоIа, шен сих дуй а бууш,
кхочушдан ша дихкина мел долу хIума а кхочушдан
дезаш дац. Везачу Эло цунна гечдийр ду, цу йоIан
дас цунна дуьхьало йина дела.
7 Нагахь и йоI маре яханехь, ша дина нигат я, шен
сих дуй а бууш, дукха сихъелла ша делла дош шена
тIехь доллушехь, 8 ткъа цуьнан майрачо, шена и
дIахезча, цхьа а тайпа дуьхьало ца яхь, цу йоIа
дина нигаташ а, я, шен сих дуй а бууш, цо ша
йоьхкуш йина чIагIонаш а кхочушъян езаш ю.
9 Ткъа нагахь маре яханчу цу йоIан майрачо, шена
дIахезча, дуьхьало яхь, йоIана тIехь долу нигат а,
дукха сихъелла шен сих цо делла дош а майрачо
дохор ду, Везачу Эло цу йоIана геч а дийр ду.
10 Йисина я дIакъаьстина Iаш йолчу зудчо дина
нигат – шен сих цо ша йихкина муьлхха а чIагIо –
кхочушъян езаш ю. 11 Нагахь зудчо шен майрачун
цIентIехь нигат динехь я, шен сих дуй а бууш, цхьа
хIума дан ша дехкахь, 12 ткъа майрачунна иза
дIахезча, цо, вист а ца хуьлуш, дуьхьало а ца еш,
иза дитинехь, цу зудчо дина нигаташ а, цо, шен сих
дуй а бууш, ша йоьхкуш йина чIагIонаш а
кхочушхир ю. 13 Амма нагахь санна зудчун майрачо
шена и дIахезча, уьш дохадахь, зудчун багах мел
даьлла нигат а, цо шена доьхкуш йина чIагIо а
кхочушъян езаш яц. Цуьнан майрачо и хIума
дохийна дела, Везачу Эло цу зудчунна гечдийр ду.
14 Цу зудчо дина муьлхха нигат а, дуй а бууш, цхьа
хIума ца дан цо йина муьлхха чIагIо а тIеэца а, тIе
ца эца а бакъо ю цуьнан майрачун. 15 Ткъа нагахь
майрачо хенан йохаллехь, дуьхьало а ца еш иза
дитинехь, цо шен зудчо мел дина нигат а, цо шена
доьхкуш мел йина чIагIонаш а тIечIагIйо, шена
дIахезча, цунах лаьцна хIумма а ца олуш, ша иза
Iадйитина дела. 16 Ткъа нагахь шена и дIахезча,
тIаьхьо, цхьа хан яьлча, стага и чIагIонаш йохаяхь,
цо ша жоьпе озор ву».
17 Иштта ду майрачунна а, зудчунна а юкъахь
йолчу а, дена а, ден цIахь Iаш йолчу цуьнан йоIана
а юкъахь йолчу а юкъаметтигех лаьцна Везачу Эло
Мусагахула тIедехкина долу парзаш.

## Маданхошна бекхам бар

31 Везачу Эло Мусага элира: 2 «Исраилан
халкъана тIера маданхошна бекхам бе, цул
тIаьхьа хьо, дIа а кхелхина, хьайн дайх дIакхетар
ву».
3 Мусас халкъе элира: «Шайна юкъарчу
цхьаболчу нехан кара герз ло. Везачу Элан дуьхьа
маданхошна бекхам бан тIаме бахийта уьш.
4 Исраилхойн дерриге а тайпанашкара хIора
тайпанна юкъара эзар стаг тIаме дIахьажаве».
5 Иштта, хIора тайпанара эзар стаг дIа а
къастийна, тIом бан кийча волу шийтта эзар
исраилхо къобалвира цо. 6 ХIора тайпанара волу
эзар стаг а, динан ден ЭлиIазаран кIант Пайнехьас
а тIаме дIахьажийра Мусас. Пайнехьасан кара
дIаелира езачу меттера йолу пхьегIаш а, тIамехь
локху турбанаш а. 7 Везачу Эло Мусана тIедиллина
ма-хиллара, тIамца маданхошна тIебахара уьш.
Боьрша нах берриге байира цара. 8 Байинчарна
юкъахь вара маданхойн пхиъ паччахь: Ивай,
Рекхам, Цура, Хьор, РебаI. БеIаран кIант БалиIам а
вийра цара туьраца.
9 Ткъа маданхойн зударий а, церан бераш а
исраилхоша йийсаре дигира. Церан дерриге а
хьайбанаш а, жаш а, церан долахь хилла долу
хIума а шайна хIонсана дIадаьхьира цара.
10 Маданхойн долахь хилла йолу ерриге а гIаланаш
а, меттаметтанаш а цара цIе тесна ягийра. 11 Шаьш
схьаяькккхина ерриг хIума а, шайн хIонс а –
адамашна тIера хьайбанашна тIекхаччалц йолу
ерриге а хIума – схьа а эцна, 12 Муаби-мехкан
аренашкахь, Ерихон-гIалина юххехь долчу Йордан-
хин йистехь болчу шайн меттаматте, Мусана а,
динан дена ЭлиIазарна а, Исраилан халкъана а
тIеяьхьира цара.

## ТIемалой юхаберзар

13 Муса а, *динан да* ЭлиIазар а, халкъан берриг
куьйгалхой а, меттаматтара ара а бевлла, тIамера
юхабирзинчу тIемалошна дуьхьалбахара. 14 Муса
оьгIазвахара тIамера цIа бирзинчу тIеман
хьаькамашна – эзарна а, бIенна а тIехь
хIиттийначу хьаькамашна. 15 Мусас цаьрга элира:
«Берриг а зударий дийна хIунда битина аша?
16 †БалиIаман хьехамца ПаIор цIе йолчу меттехь
исраилхой Везачу Элах дIаберзийна болу зударий
уьш ма бу! И бахьана долуш Везачу Элан халкъана
юкъахь адам хIаллакдеш ун ма даьржинера.
17 Иштта, байъий, дIабаха берашна юкъара берриг
кIентий а, стагах кхетта болу берриг зударий а.
18 Ткъа зударшна юкъара цхьана а стеган куьг
кхетаза болу йоIарий шайна дийна бита. 19 Ткъа
хIинца шуна юкъара шен карах адам делла мел
верг а, дийначу адаман докъах дIа мел
хьакхавелларг а шайн меттаматтана арахьа а
валий, ворхI де даккха, ткъа кхозлагIчу а,
ворхIалгIачу а деношкахь шаьш а цIанло, шайн
йийсарехь берш а цIанбалийта. 20 Ерриг а бедарш
йитта, тIаьрсигах а, гезарийн тIергIах а йина йолу
ерриг хIума а цIанъе, иштта дечигах йина ерриге а
пхьегIаш а цIанъе».
21 Динан дас ЭлиIазара тIамера схьабаьхкинчу
тIемалошка элира: «Везачу Эло Мусагахула
тIедиллина долу товрат-хьехаман парз иштта ду:
22 деши а, дети а, цIаста а, эчиг а, гIели а, даш а,
23 дерриг а цIергахь дахчо мегаш долу хIума, иза
цIандархьама, цIерах чекхдаккха. Цул сов, и дерриг

† *31:16 Лелар 25:1-9.*

а хица цIанде. Иштта цIергахь догур долу хIума а
хих чекхдаккха. 24 Шайна тIера бедарш
ворхIалгIачу дийнахь аша йитта еза. Цул тIаьхьа
шу Далла хьалха цIена хир ду, шуна меттаматте
дахка магийтина ду».

### ХIонс екъар

25 Везачу Эло Мусага элира: 26 «Схьаяьккхина еана
хIонс ахьа а, динан дас ЭлиIазара а, халкъан
тайпанийн куьйгалхоша а ягаръе, адамашна тIера
дуьйна бежанна тIекхаччалц. 27 И хIонс шина декъе
екъа тIамера схьабаьхкинчу тIемалошна а,
дисинчу халкъана а юкъахь. 28 ТIамехь хиллачу
тIемалошкара Везачу Элана йогIучу йолана
схьаэца хIора чохь са долчу пхи бIе хIуманна
юкъара цхьаъ – адамаш, хьайбанаш, варраш,
уьстагIий я гезарий уьш елахь. 29 Церан ахдекъана
юкъара схьа а эций, динан дега ЭлиIазаре дIало
иза, Везачу Элана совгIатна лерина. 30 Исраилан
халкъан ахдекъах схьадаьккхинчух хIора шовзткъе
иттанна юкъара цхьаъ схьаэца – адамаш а,
хьайбанаш а, варраш а, уьстагIий а, гезарий а уьш
елахь. Везачу Элан четарна юххехь ха деш болчу
левихошка дIало уьш». 31 Везачу Эло Мусана
тIедиллина ма-хиллара, кхочушдира иза Мусас а,
динан дас ЭлиIазара а.
32 ТIемалоша тIамера еанчу хIонсах йисинарг
хIара яра: жимачу даьхни юкъара ялх бIе кхузткъе
пхийтта эзар дийнат, 33 доккхачу даьхних кхузткъе
шийтта эзар дийнат, 34 кхузткъе цхьа эзар вир,
35 цкъа а стагах кхетаза болчу зударех – ерриг а
ткъе шийтта эзар йоIстаг. 36 ТIамехь хиллачеран
ахдекъана юкъадогIура жимачу даьхни юкъара кхо
бIе ткъе вуьрхIитта эзар пхи бIе дийнат 37 (царах
Везачу Элана совгIатна лерина ялх бIе кхузткъе
пхийтта дийнат дара), 38 доккхачу даьхних ткъе
ялхитта эзар дийнат (царах Везачу Элана совгIатна
лерина кхузткъе шийтта дийнат дара), 39 ткъе итт
эзар пхи бIе вир (царах Везачу Элана совгIатна
лерина кхузткъе цхьа вир яра), 40 ялхитта эзар адам
(царах Везачу Элана совгIатна лерина ткъе шийтта
адам дара). 41 Мусас, Везачу Эло шена тIедиллина
ма-хиллара, Цунна совгIатна лерина йолу ял динан
дега ЭлиIазаре дIаелира.
42 ТIемалоша деанчух исраилхойн ахдекъах дерг а
дIакъастийра Мусас. 43 Исраилан халкъана
кхаьчначу ахдекъана юкъадогIура: жимачу
даьхних кхо бIе ткъе вуьрхIитта эзар пхи бIе
дийнат а, 44 Хьайба ткъе ялхитта эзар дара. 45 Вир
яра ткъе итт эзар пхи бIе. 46 Адам ялхитта эзар дара.
47 Исраилхойн ахдекъах шовзткъе иттаннах цхьа
дакъа, адамашна юкъара а, бежанашна юкъара а
дIаийцира. И дерриг а, Везачу Эло Мусана
тIедиллина ма-хиллара, Везачу Элан четарна
юххехь ха деш болчу левихошка дIаделира.
48 Эскаран тобанашна тIехIиттийна болу эзарнийн
а, бIеннийн а хьаькамаш Мусана тIебаьхкира.
49 Цара Мусага элира: «Ахьа тхан кара схьабелла
тIемалой багарбира хьан ялхоша. Царах цхьа а
вайна вац. 50 Оха Везачу Элана сагIина лерина
хIорамmo а ша схьаяьккхинчух хIума еана. Царна
юкъахь ю деших йина иштта хIуманаш: зIенаш а,
пхьаьрсах духку хIазарш а, пIелгах духку мухIарш
а, лергах ухку чIагарш а, коча ухку хIуманаш а. Уьш
оха еана тхайн синойх Везачу Элана мах
дIабалархьама». 51 Мусас а, динан дас ЭлиIазара а
деших йина йолу ерриг а хIуманаш дIаийцира.
52 Эзарнийн а, бIеннийн а хьаькамаша Везачу
Элана совгIатна деана долчу дерриг а дешин барам
ялхитта эзар ворхI бIе шовзткъе итт *шекхал* бара.
53 ТIемалоша йоккхуш йолу хIонс хIораммо а шена
йоккхура. 54 Мусас а, динан дас ЭлиIазара а
эзарнийн а, бIеннийн а хьаькамашкара
схьаийцира и деши. Иза гуламан четар чу деара
цара, Везачу Элана хьалха исраилхойх
дагалацамна.

### Йордан-хина малхбалехьа даха ховшур долу тайпанаш

(Карлабаьккхинарг 3:12-22)

32 Раабанхойн а, гадахойн а вуно дукха жаш
дара. ЯIзиран а, ГалIадан а мехкаш жа
дажорна дика хилар гира царна. 2 Цара, Мусана а,
динан дена ЭлиIазарна а, халкъан баьччанашна а
тIе а баьхкина, элира: 3 «Iатрут а, Дибон а, ЯIзир а,
Нимра а, Хьешбон а, ЭлиIала а, Себам а, Набу а,
БаIун а гIаланаш 4 тIехь йолу а, Везачу Эло
Исраилан халкъана хьалха эшийна болу а и мохк
жа дажорна дика бу, ткъа хьан ялхойн жаш ду».
5 Цара элира: «Нагахь хьо тхуна реза велахь, хIара
мохк хьайн лешна дола схьалохьа. Ма дахахь тхо
Йордан-хил дехьа».
6 Гадахошка а, раабанхошка а Мусас элира: «Шун
вежарий тIаме баха беза, ткъа шу кхузахь дуьсур
ду? 7 Везачу Эло деллачу лаьтта тIе даха дезарх дог
хIунда доккху аша Исраилан халкъан? 8 †Аса
Кхадеш-БарнаьIара шаьш цу лаьтте хьажа
дахийтинчу хенахь шун дайша а дира изза. 9 Ашкул
цIе йолчу тогIи чу а кхаьчна, и мохк гира царна.
Амма шайна Везачу Эло деллачу лаьттах
исраилхойн дог даьккхира, цара уьш цу тIе а ца
бохуьйтуш. 10 ††Цу дийнахь Веза Эла чIогIа
оьгIазвахара. Цо, чIагIо а еш, элира: 11 „Мисар-
махкара арадаьллачу, ткъа шо а, цул лакхара а хан
йолчу хIокху халкъана гур дац Аса ИбрахIиме а,
Исхьакхе а, Якъубе а, чIагIо а еш, лур ду аьлла долу
латта, уьш кхоччуш Суна тешаме ца хилла дела.
12 Кхеназхо волчу Епунин кIантана Килабана а,
Нунин кIантана ЮшаIна а бен гур дац и латта,
хIунда аьлча уьш Везачу Элана кхоччуш тешаме
бисира“. 13 Веза Эла чIогIа оьгIазвахара Исраилан
халкъана. Цо шовзткъа шарахь яьссачу аренгахула
лелийра уьш, Шена хьалха зулам дина долчу цу
халкъан гара делла чекхдаллалц. 14 Ткъа хIинца,
Везачу Элан Исраилан халкъана оьгIазвахар

† 32:8, 9 *Лелар 13:18-34.* †† 32:10-13 *Лелар 14:26-35.*

чIагIдалийтархьама, къинойх дуьзна долу шун гара
дуьхьалдаьлла, шайн дай санна. 15 Нагахь санна шу
Везачу Элах дIадерзахь, Цо юха а дерриг а хIара
халкъ яьссачу арахь дуьтур ду, ткъа шу бахьана
долуш, царна тIе бохам богIур бу». 16 Цу наха,
Мусана тIе а баьхкина, элира: «Оха кхузахь тхайн
жа чудерзо гIотанаш а йийр ю, тхайн зударшна а,
берашна а гIаланаш а йийр ю. 17 Ткъа тхо, кара герз
а эцна, Исраилан халкъана хьалха а девлла, дIагIур
ду, шайн меттиге оха уьш дIабиггалц. Тхайн бераш,
кху махкарчу бахархошкахьара царна кхерам ца
хилийтархьама, чIагIйинчу гIаланашкахь дуьтур ду
оха. 18 Исраилан халкъах волчу хIора стага а шена
кхочун долу лаьттан дакъа дIалаьцначул тIаьхьа
бен тхешан цIа доьрзур дац тхо. 19 ХIунда аьлча оха
схьаоьцур дацара цаьрца цхьаьна Йордан-хил
дехьа агIор а, кхидIа а долу лаьттан дакъош, нагахь
тхайна лаьттан дакъош Йордан-хина кху агIор
малхбалехьа нисделча».
20 Мусас цаьрга элира: «Нагахь шу иштта лелахь –
тIаме дахархьама, Везачу Элана хьалха аша шайн
кара герз схьа а эцахь, 21 нагахь герз карахь долу
шух хIорра а, Везачу Эло Шен мостагIий
дIалахккалц, Цунна хьалха Йордан-хил дехьа а
валахь, 22 нагахь шу, Везачу Элана хьалха и мохк
кара а берзийна, кхуза юхадерзахь, Везачу Элана
гергахь а, Исраилан халкъана хьалха а шу бехке
хир дац, ткъа хIара латта Везачу Элана гергахь шун
долахь хир ду. 23 Амма хаа ду шуна, аша иза ца
дахь, Везачу Элана дуьхьал аша къа латор ду. Хаа
ду шуна, аша латийначу къинна шуна таIзар дийр
ду! 24 Шайн зударшна а, берашна а гIаланаш а
хIиттае, шайн жашна гIотанаш а кечъе, амма шаьш
дийр ду аьлларг кхочушде».
25 Гадахоша а, раабанхоша а Мусага элира: «Хьан
ялхоша кхочушдийр ду олахочо шайна
тIедиллинарг. 26 Тхан бераш а, зударий а, жаш а,
хьайбанаш а ГалIад-махкарчу кху гIаланашкахь
дуьсур ду. 27 Ткъа тIаме ваха кара герз схьаэцна
волу хьан массо ялхо а, шен олахочо ма-бохху, тIом
бархьама Везачу Элана хьалха Йордан-хил
дехьавер ву».
28 †Мусас дIахьедар дира динан дега ЭлиIазаре а,
Нунин кIанте ЮшаIе а, исраилхойн тайпанийн
куьйгалхошка а. 29 Цо цаьрга элира: «Нагахь санна
гадахой а, раабанхой а – царах тIамана кийча волу
хIорра а – Везачу Элана хьалха шуьца Йордан-хил
дехьа а бовлахь, шуна хьалха цара и мохк шайн
кара а берзабахь, тIаккха дIало аша ГалIад-мохк
церан дола. 30 Ткъа нагахь санна уьш, карахь герз а
доцуш, шуьца цхьаьна Йордан-хил дехьабовлахь,
шуьца цхьаьна царна а кхочур ду КанаIан-махкахь
долу лаьттан дакъош».
31 Гадахоша а, раабанхоша а, жоп а луш, элира:
«Везачу Эло хьан ялхой долчу тхоьга де аьлларг
кхочушдийр ду оха. 32 Везачу Элана хьалха тхо,
тIамана кийча а долуш, Йордан-хил дехьадевр ду,
амма тхуна кхочун долу лаьттан дакъош Йордан-
хина кху агIор хир ду».
33 Мусас дIаелира гадахошна а, раабанхошна а,
Юсупан кIентан Маннашан ахтайпанна а эмархойн
паччахь хилла волчу Сихьонан пачхьалкх а,
Башанан паччахь хилла волчу IовгIин пачхьалкх а
– берриге а и мохк а, цунна тIехь йолу гIаланаш а,
гIаланашна гонах долу латтанаш а. 34 Гадахоша
юхаметтахIиттийра иштта гIаланаш: Дибон, Iатрут,
IаруIер, 35 Iатрут-Шупан, ЯIзир, ЙогIбахIа, 36 Байт-
Нимра, Байт-ХIаран. Царах гадахоша чIагIйина
гIаланаш йира. Иштта шайн жашна гIотанаш а
йира цара. 37 Раабанхоша юхаметтахIиттийра
Хьешбон, ЭлиIала, Кхиръятим, 38 иштта Набу а,
БаIал-МаIун а (тIаьхьо церан цIераш хийцинера),
иштта Сибма-гIала а. Шаьш юхаметтахIиттийначу
гIаланашна цIераш техкира цара. 39 Маннашан
кIант волчу Макиран тIаьхьенаша, ГалIад-махка а
бахана, цигара эмархой дIа а лаьхкина, иза
дIалецира. 40 Иштта Мусас ГалIад-мохк Маннашан
кIант волчу Макиран тIаьхьенийн дола дIабелира,
ткъа уьш цигахь баха охьахевшира. 41 Маннашан
тIаьхьенах волчу Яира а, вахана, церан ярташ
дIалецира. Царна, Яиран ярташ аьлла, цIе тиллира
цо. 42 Иштта Нобахьас а, вахана, Кхинат-гIала а,
цунна гонах йолу ярташ а дIалецира. Оцу гIалина,
Нобахьа аьлла, цIе тиллира цо.

### Мисар-махкара Муаби-махка тIекхаччалц болу некъ

33 ХIорш ю Мусан а, АхIаронан а куьйга кIел а
далош, шайн тIеман тобанашка хьаьжжина,
Мисар-махкара халкъ арадаьллачул тIаьхьа,
исраилхоша шайн меттаметтанаш хIиттийна
меттигаш. 2 Везачу Эло шена тIедиллина ма-
хиллара, халкъо некъ бечу хенахь, уьш севцина
меттигийн цIераш дIаязйинера Мусас. Иза
новкъахь сецна меттигаш хIорш ю:
3 РаIамсас-гIалара уьш арабевлира хьалхарчу
беттан пхуьйтталгIачу дийнахь, Пасахьан де
чекхдаьллачу шолгIачу дийнахь. Мисар-махкарчу
массо а халкъана а гуш, майрра новкъа бевлира
исраилхой. 4 Цу хенахь Везачу Эло хIаллакбина
болу шайн берриге а хьалха дуьнен чу бевлларш
дIабухкуш бара мисархой. Иштта кхел йинера
Везачу Эло церан деланашна.
5 Цу тайпана, РаIамсасера ара а даьлла, Сакхат цIе
йолчу меттигехь шайн *меттамотт* дIахIоттийра
Исраилан халкъо.
6 Сакхатара дIа а бахана, яьссачу аренан йистехь
лаьттачу Атамехь дIахIоттийра цара шайн
меттамотт.
7 Атамера ара а бевлла, БаIал-Цепонна малхбалехь
лаьтта Пи-ХIахьират йолчу дIабирзира уьш.
Мигдол-меттигна уллохь дIахIоттийра цара шайн
меттамотт.
8 Пи-ХIахьиратера ара а бевлла, хIорда юккъехула
чекх а бевлла, яьссачу ара баьхкира уьш. Атам цIе

† *32:28-32 Якъуба 1:12-15.*

йолчу яьссачу аренгахула кхаа дийнахь некъ а
бина, Марра цIе йолчу меттигехь меттамотт
дIахIоттийра цара.
9 Марра цIе йолчу меттера ара а бевлла, Элиме
баьхкира уьш. Ткъа Элимехь дара шийтта хин
хьоста а, кхузткъе итт хурманийн дитт а. Цигахь
шайн меттамотт дIахIоттийра цара.
10 Элимера дIа а бахана, Эрзийн-хIордана уллохь
дIахIоттийра цара шайн меттамотт.
11 Эрзийн-хIордана уллора дIа а бахана, Син цIе
йолчу яьссачу аренгахь меттамотт дIахIоттийра
цара.
12 Син-яьссачу арара дIа а бевлла, Дупикха цIе
йолчу меттехь дIахIоттийра цара шайн меттамотт.
13 Дупикхара дIа а бахана, Алуш цIе йолчу меттехь
меттамотт дIахIоттийра цара.
14 Алушера дIа а бахана, Рапидам цIе йолчу меттехь
меттамотт дIахIоттийра цара. Цигахь мала хи
дацара халкъана.
15 Рапидамера дIа а бахана, Синай-яьссачу арахь
дIахIоттийра цара шайн меттамотт.
16 Синай-яьссачу арара дIа а бевлла, Кхиброт-
ХIатаъву цIе йолчу меттехь дIахIоттийра цара
меттамотт.
17 Кхиброт-ХIатаъвуэра дIа а бахана, Хьацерут цIе
йолчу меттехь дIахIоттийра цара меттамотт.
18 Хьацерутера дIа а бахана, Ритма цIе йолчу
меттехь дIахIоттийра цара шайн меттамотт.
19 Ритмера дIа а бахана, Римун-Парац цIе йолчу
меттехь шайн меттамотт дIахIоттийра цара.
20 Римун-Парацера дIа а бахана, Либнехь шайн
меттамотт дIахIоттийра цара.
21 Либнера дIа а бахана, Рисехь шайн меттамотт
дIахIоттийра цара.
22 Рисера дIа а бахана, КхахIилатехь шайн
меттамотт дIахIоттийра цара.
23 КхахIилатера дIа а бахана, Шапар-лам тIехь шайн
меттамотт дIахIоттийра цара.
24 Шапар-лам тIера дIа а бахана, ХIаридехь
дIахIоттийра цара шайн меттамотт.
25 ХIаридера дIа а бахана, Макхи-ХIалут цIе йолчу
меттехь шайн меттамотт дIахIоттийра цара.
26 Макхи-ХIалутера дIа а бахана, Тахьатехь шайн
меттамотт дIахIоттийра цара.
27 Тахьатера дIа а бахана, ТIахьирехь шайн
меттамотт дIахIоттийра цара.
28 ТIахьирера дIа а бахана, Миткъехь дIахIоттийра
цара шайн меттамотт.
29 Миткъера дIа а бахана, Хьашмунехь шайн
меттамотт дIахIоттийра цара.
30 Хьашмунера дIа а бахана, Мосиратехь меттамотт
дIахIоттийра цара.
31 Мосиратера дIа а бахана, Баней-ЯIакханехь
меттамотт дIахIоттийра цара.
32 Баней-ЯIакханера дIа а бахана, Хьор-Хьагид-Гад
цIе йолчу меттехь шайн меттамотт дIахIоттийра
цара.
33 Хьор-Хьагид-Гадера дIа а бахана, Ютбатехь шайн
меттамотт дIахIоттийра цара.
34 Ютбатера дIа а бахана, Iабрунехь шайн
меттамотт дIахIоттийра цара.
35 Iабрунера дIа а бахана, Iецйон-ГIебар цIе йолчу
меттехь шайн меттамотт дIахIоттийра цара.
36 Iецйон-ГIебарера дIа а бахана, шайн меттамотт
Цин олучу яьссачу арахь, Кхадеш цIе йолчу
меттехь, дIахIоттийра цара.
37 Кхадеш-меттера дIа а бахана, Эдом-мехкан
дозанехь болчу ХIор-лома тIехь шайн меттамотт
дIахIоттийра цара.
38 †Везачу Эло шена тIедиллина ма-хиллара,
*динан да* АхIарон ХIор-лома тIевелира. Исраилан
халкъ Мисар-махкара арадаьлла шовзткъа шо
долуш, АхIарон цигахь дIакхелхира. Иза дара
пхоьалгIачу беттан хьалхарчу дийнахь.
39 АхIаронан цхьа бIе ткъе кхо шо дара, иза ХIор-
лома тIехь дIакхелхинчу хенахь.
40 ††КанаIан-махкахь къилбехьа вехаш волчу
канаIанхойн паччахьна Iародана дIахезира,
Исраилан халкъ схьадогIуш ду аьлла.
41 ХIор-лома тIера дIа а бевлла, исраилхоша
Цалмуна-меттехь шайн меттамотт дIахIоттийра.
42 Цалмунера дIа а бахана, Пунонехь шайн
меттамотт дIахIоттийра цара.
43 Пунонера дIа а бахана, Обатехь дIахIоттийра
цара шайн меттамотт.
44 Обатера дIа а бахана, Муаби-мехкан дозанехь
йолчу, Iий-Iабарим цIе йолчу меттехь шайн
меттамотт дIахIоттийра цара.
45 Iий-Iабаримера дIа а бахана, Дибон-Гадехь
дIахIоттийра цара шайн меттамотт.
46 Дибон-Гадера дIа а бахана, Iалмун-Диблатайм цIе
йолчу меттигехь дIахIоттийра цара шайн
меттамотт.
47 Iалмун-Диблатаймера дIа а бахана, Iабарим цIе
йолчу лаьмнашкахь, Набу-меттигна уллохь
дIахIоттийра цара шайн меттамотт.
48 Iабарим-лаьмнашкара дIа а бахана, Муаби-
мехкан аренашкахь, Ерихон-гIалина юххехь долчу
Йордан-хин йистехь дIахIоттийра цара шайн
меттамотт. 49 Муаби-мехкан аренашкахь Йордан-
хин йистехь лаьттачу Байт-Яшимут-гIалина тIера
Абал-Шитаймана тIекхаччалц йолчу меттигашкахь
дIахIиттийра исраилхоша шайн тобанийн
меттаметтанаш.

### Йордан-хил дехьадалале халкъана бина хьехамаш

50 Веза Эла вистхилира Мусага Муаби-мехкан
аренашкахь, Ерихон-гIалина юххехь долчу Йордан-
хин йистехь уьш лаьттачу хенахь: 51 «Исраилан
халкъе, дIахьедар а деш, иштта дIаала: „Шаьш,
Йордан-хил дехьа а девлла, КанаIан-махка
дIакхаьчча, 52 цу махкахь бехаш болу берриге а
бахархой а дIалакха. Массо а церан тIулгех хедийна

† *33:38 Лелар 20:22-28; Карлабаькккхинарг 10:6; 32:50.* †† *33:40 Лелар 21:1.*

цIуш а, боьттина бина цIуш а, сагIа доккху гунаш а
дохаделаш. 53 И латта шайн дола а даккхий, цу тIехь
даха охьаховша, хIунда аьлча и латта Аса шуна
дIаделла, иза шун дола даккхийтархьама. 54 †Шайн
тайпанашка хьаьжжина, кхаж тасарца дIадекъа и
латта. Гара доккхаха делахь, цунна льаттан доккхах
долу дакъа кхачийта, ткъа жимаха делахь, цунна
жимах долу дакъа кхачийта. Кхаж тасарца царна
мел кхочург церан долахь хир ду. Шайн дайн
тайпанашка хьаьжжина, шайна юкъахь дIадекъа и
латта. 55 Ткъа нагахь санна аша шайна юкъара цу
мехкан бахархой дIа ца лелхабахь, царах шуна
юкъахь бисинарш шун бIаьргашна кIохцалан
коьллаш а, шун агIонаш тIе Iиттало мехий а санна
хир бу. Цара шу дехаш долу латта гаттадийр ду
шуна. 56 ТIаккха Айса царна дан леринарг шуна
дийр ду Аса“».

### Везачу Эло лур бу аьллачу мехкан дозанаш

**34** Везачу Эло Мусага элира: 2 «Исраилхошка,
тIе а дуьллуш, иштта дIаала: „КанаIан-махка
шу дахча, цигахь шуна кхочун долчу льаттан
дозанаш хIорш ду: 3 къилбехьа агIор долу шун доза
дIадолалур ду Цин-яьссачу арара Эдомна юххехула.
Шун къилбехьара долу доза Дуьрачу хIордан
къилбехьарчу меттера малхбалехьа дIагIур ду.
4 Иза, къилбехьа а дирзина, Акхрабайм-Iинна тIе а
кхаьчна, Цин-яьссачу аренгахула чекхдер ду.
Цигара и доза, къилбехьарачу Кхадеш-БарнаьIа цIе
йолчу метте а кхаьчна, Хьацар-Адар-гIала а деана,
Iацмун-гIалахула чекхдер ду. 5 Iацмунера иза
дIагIур ду Мисар-мехкан дозанехь долчу хи тIе,
цигара Дуьненаюккъера хIорда тIе а кхочуш.
6 Малхбузера дозанехь хир бу Боккха хIорд. Иза
шун малхбузехьара доза хир ду.
7 Къилбаседехьа долу шун доза дIагIур ду
Боккхачу хIорда тIера ХIор-ломана тIе кхаччалц.
8 ХIор-лома тIера иза Хьамат-Iине кхачийта, Цедад-
гIалина тIе а кхачош. 9 Цигара Зипрун-гIалина
тIекхаччалц дIагIур ду и доза, Хьацар-Iейнан-
гIалина тIе а кхочуш. Иштта хир ду къилбаседехьа
долу шун доза.
10 Малхбузехь долу шайн доза чекхдаккха Хьацар-
Iейнан-гIалина тIера Шипам-гIалина тIекхаччалц.
11 Шипам-гIалина тIера, Iейн-гIалина малхбалехь
йолчу Рабила-гIалина тIекхочур ду и доза. Цигара
дIа иза Канарот-Iоман малхбалерчу бердашкахула
чекхдер ду. 12 Цул тIаьхьа иза Йордан-хинехула
дIагIур ду Дуьрачу хIордана тIекхаччалц.
Массо а агIор иштта дозанаш а долуш, шун мохк
хир бу цунах“».
13 †† ‡Исраилан халкъана тIе а дуьллуш, Мусас
элира: «Аша, кхаж а тесна, доккхун долу латта хир
ду иза. Везачу Эло исс тайпанна а, Маннашан
тIаьхьенах долчу ахтайпанна а лур ду аьлла иза,
14 хIунда аьлча Раабанан тайпанан а, Гадин
тайпанан а, Маннашан ахтайпанан а доьзалша
шайна догIуш долу льаттан дакъош дIаэцна. 15 Оцу
шина тайпанна а, ахтайпанна а делла долу льаттан
дакъош малхбалехь Йордан-хил дехьа льаттачу
Ерихон-гIалина дуьхьал агIор ду».

### Латта декъа дIахIиттийна куьйгалхой

16 Везачу Эло Мусага элира: 17 «Шуна латта декъа
дIахIиттийначу нехан цIераш хIорш ю: *динан да*
ЭлиIазар а, Нунин кIант ЮшаI а. 18 ХIора тайпанах
цхьацца куьйгалхо схьакъаставе царна гIо дан
латта декъийта. 19 Церан цIераш хIорш ю:
ЯхIудан тайпанна иза Епунин кIант Килаб хир ву;
20 ШимIин тайпанна – IамихIудан кIант Шамуал;
21 Бен-Яманан тайпанна – Кислунан кIант Эли-
Дада;
22 Данан тайпанна – ЙогIлин кIант волу эла
Букхай;
23 Юсупан кIентан Маннашан тайпанна – Ийпадан
кIант Хьаниал;
24 Юсупан кIентан Эпрайман тайпанна –
Шиптанан кIант волу эла Къамуал;
25 Забулан тайпанна – Парнакан кIант Эли-Цапан;
26 Иссарханан тайпанна – Iазанан кIант волу эла
Палтиал;
27 Ашаран тайпанна – Шалумин кIант АхьъяхIуд;
28 Напталан тайпанна – IамихIудан кIант волу эла
ПидIаил».
29 КанаIан-махкара царна кхочуш долу льаттан
дакъош исраилхошна декъа Везачу Эло
дIахIиттийна берш бу уьш.

### Левихошна дIаяла билгалъяьхна гIаланаш

**35** ‡†Исраилан халкъ Муаби-мехкан
аренашкахь, Ерихон-гIалина уллохула догIучу
Йордан-хин йистехь, долчу хенахь, Везачу Эло
Мусага элира: 2 «Исраилхошна тIедилла шайна
кхаьчначу льаттан дакъош тIехь йолчу гIаланех
цхьаерш левихошна дIаялар, уьш цигахь
бахийтархьама. Иштта оцу гIаланашна гонах долу
дежийлаш левихошна дIадала деза цара. 3 Иштта,
левихойн долахь гIаланаш хир ю, уьш цигахь
бахийтархьама, ткъа церан долахь дежийлаш хир
ду церан даьхнина а, жашна а, кхидолчу
хьайбанашна а лерина. 4 ГIаланашна гонахара,
аша левихошна дIадала деза дежийлаш, гIаланийн
пенашна тIера дIадуьстича, массо а агIор цхьацца
эзар дол хила деза. 5 ГIаланашна арахула
малхбалехьа а, къилбехьа а, малхбузехьа а,
къилбаседехьа а шишша эзар дол дIадуста, ткъа
гIаланаш юккъехь хилийта. Иштта хир ду левихойн
гIаланашна гонах долу дежийлаш. 6 Аша
левихошна лур йолчу гIаланех ялх гIала лурбоьлла
нах ловчкъуш йолу гIала хир ю. Оцу ялх гIаланал
сов шовзткъе ши гIала дIало царна. 7 Аша
левихошна дIаяла еза гонах дежийлаш долу

† *33:54 Лелар 26:54-56.* †† *34:13 Лелар 26:52-56.* ‡ *34:13-15 ЮшаI 14:1-5.*

‡† *35:1-8 ЮшаI 21:1-42.*

шовзткъе бархI гIала. 8 Аша дIалур йолу гIаланаш исраилхойн долахь йолчех хила еза. Доккхах долчу тайпано гIаланаш сов дIаяла еза, ткъа жимах долчу тайпано – кIезиг гIаланаш. Шайна кхаьчначу лаьттан декъе хьаьжжина, хIора тайпано шен долахь йолчу гIаланех цхьаерш дIаяла еза».

### ДIалочкъуйлла йолу гIаланаш

(Карлабаькккхинарг 19:1-13; ЮшаI 20:1-9)

9 †Везачу Эло Мусага элира: 10 «Исраилан халкъе, дIахьедар а деш, дIаала: „Шаьш, Йордан-хил дехьа а девлла, КанаIан-махка чу дахча, 11 оцу гIаланашна юкъара шайна цхьаерш стагана дIалачкъа гIаланаш санна харжа. Ларамаза стаг вийнарг цига дIавада мега. 12 И гIаланаш бекхам лоьхучух дIалачкъа йиш йолу меттигаш хир ю, стаг вийнарг халкъана хьалха кхел ечу хенал хьалха ца вейтархьама. 13 Ткъа аша оцу гIуллакхна лерина схьакъастийнарг ялх гIала хила еза. 14 Кхо гIала Йордан-хил сехьа, важа кхоъ КанаIан-махкахь билгалъяккха. Уьш хила еза лурбоьлла нах ловчкъуш йолу гIаланаш. 15 Исраилан халкъана а, тIевеанчунна а, тIе а веана, шуна юкъахь вехаш волчунна а лерина хила еза уьш. Ларамаза стаг вийна хIорра а бекхам лоьхучух дIалачкъа цига дIавада тарло.

16 Нагахь цхьаммо адам даллал чIогIа цунна тIе аьчка хIума тохахь, иза адам дойург лору. И стаг вен везаш ма ву! 17 Нагахь, цхьаннан карахь адам ден а тарлуш болу тIулг а хилла, цо адам даллал чIогIа тIе тIулг тохахь, иза адам дийнарг лору. И стаг вен везаш ма ву! 18 Нагахь, адам ден а тарлуш йолу дечиган хIума карахь а йолуш, стаг валлал чIогIа цхьаммо тохахь, иза адам дийнарг лору. И стаг вен везаш ма ву! 19 ЧIир йоьккхуш волчун шен а бакъо ю и стаг вен. И стаг шена дуьхьалкхетча, цо иза вуьйр ву.

20 Нагахь стаг валлал чIогIа цхьаммо иза дIатеттинехь я вен дагахь цунна тIе хIума кхоьссинехь, 21 я нагахь, шен цхьана стагаца мостагIалла долу дела, иза валлал цунна тIе куьг тохахь, и стаг вен везаш ву – иза адам дийнарг лору. И стаг шена дуьхьалкхетча, чIир йоьккхуш волчо иза вуьйр ву.

22 Амма нагахь цхьаммо шен мостагIалла доццушехь, цхьаъ дIататтахь я дагахь а доцуш цунна тIе цхьа хIума тIекхоссахь, 23 я нагахь цу стагаца шен мостагIалла а доццушехь, цунна зуламехь дерг дан а ца луъушехь, и стаг ган а ца гуш, адам лийр долу тIулг цунна тIе цо божабахь, иза вала там бу. 24 ТIаккха хIокху сацамашка хьаьжжина, стаг вийначунна а, цIий Iанорна чIир йоьккхуш волчунна а юкъахь дерг гуламо къасто деза. 25 Стаг вийнарг халкъо чIир йоьккхуш волчух кIелхьарваккха а веза, иза дIалечкъина хиллачу гIала юхаверзо а веза. Иза цигахь вита веза, деза зайтдаьтта а хьаькхна, къобалвина волу *динан коьрта да* дIакхалххалц. 26 Стаг вийнарг, ша лурвоьлла ведда веанчу гIалин дозанашкахула араваьллехь, 27 иза чIир йоьккхучунна цу гIалина арахьа дуьхьалкхета мега. Ткъа чIир йоьккхуш волчо и стаг вийча, цунна тIехь цIий Iаноран бехк хир бац. 28 ХIунда аьлча и стаг вийнарг ша къайлаваьллачу цу гIалахь Iан везаш вара, динан коьрта да дIакхалххалц. Ткъа динан коьрта да дIакхелхича, адам дийна волу стаг ша ваьхначу метте юхаверза мегар ду. 29 ХIара тIедехкина парзаш шуна хир ду, миччанхьа шу дехаш хилахь а, шун массо а тIаьхьенашна.

30 ††Стаг мел вийнарг тешаша динчу тоьшаллица бен вен ца веза. Амма стаг вен кхел ярхьама, теш цхьаъ хилла Iан ца веза. 31 Адам дерна бехке волчун дахарх кхаьънаш ма эца. Адам дойург вен везаш ма ву. 32 Нагахь стаг дIалочкъуйлла йолчу гIала дIаведдехь, динан коьрта да дIакхалхале иза шен махка верза а, цигахь Iан а могуьйтуш, цуьнгара кхаьънаш ма эца. 33 Шаьш тIехь дехаш долу латта цу тайпана бех ма де, хIунда аьлча цIий Iаноро латта бехдо. ЦIий Iанийначун цIий Iанадаро бен шена тIехь цIий Iанийна долчу лаьттан къа дIа ца доккху. 34 Шена тIехь Со Iаш а волуш, шу дехаш долу латта аша бех ма делаш, хIунда аьлча Веза Эла волу Со исраилхошна юкъахь Iаш ву“».

### ЙоIаршна кхачош долчу лаьттан дакъойх лаьцна

36 Юсупан кIентан Маннашан кIант волчу Макиран кIентан ГалIадан тIаьхьенийн куьйгалхоша, тIе а баьхкина, Мусана а, исраилхойн доьзалийн баьччанашна а хьалха бист а хуьлуш, 2 ‡элира: «Везачу Эло тхан олахо волчу хьуна тIедиллина, Исраилан халкъан дола а доккхуш, кхаж тасарца лаьттан дакъош декъар. Иштта Везачу Эло тхан олахочунна тIедиллина тхан вешина Цалпихьадана кхаьчна долу лаьттан дакъа цуьнан йоIаршна далар. 3 Нагахь санна и йоIарий исраилхойн кхечу тайпанах болчу нахе маре гIахь, церан лаьттан дакъа, тхан дайн тайпанан долара дIа а даьлла, уьш маре баханчу нехан тайпанан дола дер ду. Кхаж тасарца тхуна кхаьчначу дакъошна юкъара дIадер ду и латта. 4 Ур-атталла Исраилан халкъана юкъахь лелаш долу МеттахIиттoран шо тIекхаьчча а, и дакъа уьш маре баханчеран тайпанан дола дер дара. ТIаккха и дакъа тхан дайн тайпанна кхаьчначу лаьттан дакъошна юкъара дIадер дара».

5 Мусас, Везачу Эло шега аьлла ма-хиллара, Исраилан халкъана тIе а дуьллуш, элира: «Нийса боху Юсупан тIаьхьенах долчу гарано. 6 Цалпихьадан йоIаршца доьзна Везачу Эло иштта тIедуьллу: „Шайн бIаьргашна хазвеллачуьнга маре баха бакъо ю церан, амма уьш маре боьлхурш церан дайн гаранах долчу тайпанашкарчу нахах хила беза. 7 Иза иштта хила деза Исраилан халкъан дола даьлла долу латта цхьана тайпанера кхечу

† 35:9-28 Карлабаькккхинарг 19:2-4; ЮшаI 20:1-9.

†† 35:30 Карлабаькккхинарг 17:6; 19:15. ‡ 36:2 Лелар 27:7.

тайпанан дола ца далийтархьама, хӀунда аьлча
исраилхойх волу хӀорра а шен дайн тайпанан
долахь долчу лаьттаца воьзна хила веза.
8 Исраилан халкъах долчу тайпанан лаьттан дакъа
шена кхаьчна йолу муьлхха а йоӀ шен ден гаранах
долчу тайпанан цхьана стаге маре яха еза. Иза
иштта хила деза, Исраилан халкъах волчу хӀоранна
а шен дайх дисина лаьттан дакъа кхачийтархьама.
9 Лаьттан дакъа цхьана тайпанера кхечу тайпанан
дола ца далийтархьама а хила деза иза иштта,
хӀунда аьлча Исраилан халкъан хӀора тайпанан
орамаш шен лаьттаца доьзна хила деза“».

10 Везачу Эло Мусана тӀедиллинарг кхочушдира
Цалпихьадан йоӀарша. 11 Цалпихьадан йоӀарий –
Махьила, Тирца, Хьугила, Малка, НуӀат – шайн ден
вежарийн кӀенташка маре бахара. 12 Юсупан
кӀентан Маннашан тӀаьхьенан тукхамашкарчу
нехан зударий хилира уьш. Цундела церан лаьттан
дакъош церан ден гаранах долчу тайпанан долахь
дисира.
13 Иштта дара Везачу Эло Мусагахула Исраилан
халкъе дина весеташ а, цунна тӀедехкинарш а. Иза
дара Муаби-мехкан аренашкахь, Ерихон-гӀалина
юххехь долчу Йордан-хин йистехь, уьш болчу
хенахь.

# Карлабаьккхинарг

## Дешхьалхе

Исраилан халкъо яьссачу аренгахула беш болу некъ чекх а баьлла, КанаIан-махка иза чугIортале, халкъ Муаби-махкахь сецира. Цу хенахь Мусас халкъе цхьадолу дIахьедарш дора. олучу тептар тIехь и дIахьедарш дIаяздина ду.
Тептар тIехь яздинчу уггар ларамечу гIуллакхех цхьадерш хIорш ду: 1) Чекхдаьллачу шовзткъа шарахь ларамe гIуллакхаш дагадоххкуьйту Мусас. Цо халкъе кхайкхам бо, Дала уьш яьссачу аренгахула муха чекхбаьхна дагадаийта а, Далла муьтIахь а, тешаме а хила а олий. 2) Итт коьрта хьехам карла а баьккхина, хьалхарчу хьехаман маьIна чIагIдира Мусас, Везачу Элана бен Iамал ма е аьлла, цаьрга кхайкхам а беш. ТIаккха Дала царна лун долчу лаьтта тIехь исраилхойн дахарехь царна Iуналла ден долу парзаш дагадоххкуьйту цо. 3) Дала халкъаца бинчу бертан маьIна хIун ду дагадоуьйту Мусас. Бертан декхарш дика кхочушдаран сацам карлабаккхарна тIекхойкху цо халкъ. 4) Шен метта халкъана тIехь куьйгалла дан ЮшаI дIахIоттаво Мусас. Цул тIаьхьа, Дела тешаме хиларх лаьцна йолу йиш а лекхна, Исраилан тайпанаш декъал а дина, Йордан-хил малхбалехьа болчу Муаби-махкахь дIакхелха Муса.
Ша хаьржина долу а, дезаш долу а халкъ Дала, кIелхьар а даьккхина, декъалдина хилар тептаран уггар коьрта ойла ю. И хIума дагадаийта а, Дела веза а, Цуьнга ладогIа а дезаш ду Делан халкъ, шен дахар хилийтархьама а, шена тIехь декъалдар дисийтархьама а.
Тептаран коьрта меттиг ю йолхалгIачу коьрта тIехь доьалгIачу аята тIера дуьйна йолхалгIачу аята тIекхаччалц. Iийсана моттарехь, уггар хьалха тIедиллина долу гIуллакх гойтуш цигахь дерш хIара дешнаш ду: «Хьайн Веза Дела доггах, доллучу синца, берриге а ницкъаца веза».

### Дуьххьарлера дешнаш

1 ХIара дешнаш Муса-пайхамаро аьлла дара
массо а исраилхошка, Йордан-хина
малхбузехьа йолчу яьссачу аренгахь, *Iариба-тогIи*
чохь, Суп олучу меттигна дуьхьал уьш болчу
хенахь. Цигахь цхьана агIор Паран-аре яра, ткъа
Тупал а, Лабан а, Хьацерут а, ДизахIаб а вукху агIор
яра. [2] (СеIир-лаьмнашкахула воьдуш, Хьарибара
Кхадеш-БарнаьIе боьду некъ дукхахьолахь
цхьайтта дийнахь баллал бу.) [3] ШовзткъалгIачу
шеран цхьайтталгIачу беттан хьалхарчу дийнахь
бинера Муса-пайхамаро хIара хьехамаш массо а
исраилхошна. Цо дийцинарг дерриг а Везачу Эло
царах шайх лаьцна тIедиллинарг дара. [4] [†]Хьешбон-
гIалахь олалла деш хиллачу эмархойн паччахьна
Сихьонна тIехь а, Iаштарат-гIалахь а, ЭдреIи-
гIалахь а олалла деш хилла волу Башан-мехкан
паччахьна IовгIина тIехь а Мусас толам
баьккхинчул тIаьхьа дара иза. [5] Йордан-хина дехьа
болчу муабахойн махкахь, исраилхой хIокху
товрат-хьехамах кхето дIаволалуш, Муса-
пайхамаро иштта аьлла:

† *1:4 Лелар 21:21-35.*

[6] «Вайн Везачу Дала, вайга Хьарибехь Ша
вистхуьлуш, иштта элира: „Тоьар ду шуна хIокху
ламан уллохь севцина Iан! [7] Хьала а гIовттий,
новкъа довла, дIагIо лаьмнашца болчу эмархойн
махка а, гонах мел долчу къаьмнийн меттигашка а:
Iариба-тогIене, лаьмнашка, малхбузерчу
акъарешна тIе, НегIаб-аренга, хIордан йистошка.
КанаIанхойн махка а, сийлахьчу Эпрат-хина
тIекхаччалц Ливанун-махка а дIагIо. [8] ХIара латта
Ас хIинца шуна дIалуш ду. Чу а гIортий, шайн дола
даккха и латта, хIунда аьлча Везачу Эло шун
дайшна, – ИбрахIимна а, Исхьакхана а, Якъубана а,
– царна тIаьхьа йолчу церан тIаьхьенна а дIалур ду
аьлла *ваIда* дина латта ду иза“».

### Муса-пайхамаро кхелахой дIахIиттабар
(Арадаккхар 18:13-27)

[9] «Аса оцу хенахь шуьга иштта элира: „Суна сайна
шу лело хала ду. [10] Шайн Везачу Дала шу
дебийтина, хIинца шу, стигалара седарчий санна,
дукха ду. [11] Шун дайн Везачу Дала шу хIинца долчул
кхин а эзарза деба а дебийтойла, декъал а дойла,
шуьга Ша ма-аллара. [12] Амма шун халонашший,
шун баланийн моххьий, шун девнашший ас-айса
муха дIакхоьхьур ду? [13] Шайн-шайн тайпанашкара
хьекъале а, кхетаме а, зийна а болу нах схьахаржа.

ТӀаккха ас уьш, шуна тӀехь хьаькамаш а бина,
дӀахӀиттор бу“. [14] Аша соьга жоп делира: „Дика
гӀуллакх юкъадалийна ахь“, – аьлла. [15] Ас шун
тайпанашкара уггар а хьекъаленаш, кхетаменаш,
зийнарш схьа а эцна, шуна тӀехь хьаькамаш хила
дӀахӀиттийра: эзарна а, бӀенна а, шовзткъе иттанна
а, итт стагана а тӀехь болу хьаькамаш. Важа нах ас,
тӀехьоьжурш а бина, дӀахӀиттийра шун
тайпанашкахь.
[16] Аса оцу хенахь шун кхелахошка омра дира:
„Шайн къомах болчеран гӀуллакхашка ладогӀа,
царна юкъахь нийса кхел е, шайн къомах
волчуьнца я тӀевеанчуьнца и гӀуллакх доьзна
делахь. [17] Кхел ечохь озабезамаш ма бе, лараме
боцучара а, цӀеяханчара а бохучун тергам бе.
Муьлххачу а адамах ма озало, хӀунда аьлча кхел –
Делан гӀуллакх ду. Кхел ян шайна хала хета гӀуллакх
суна тӀе схьада, ас ладугӀур ду цуьнга“. [18] Аса хӀетахь
шуна тӀедиллира аша дан мел дезарг».

### Кхадеш-БарнаьӀара латта талла нах новкъа бохуьйту

(Лелар 13:1-33)

[19] «Хьарибара ара а девлла, вайн Везачу Дала тӀе-
ма-диллара дӀа а оьхуш, эмархойн лаьмнашна тӀе
доьлхуш, шуна гиначу йоккха а, къемате кхераме а
йолчу яьссачу аренгахула чекх а довлуш, вай
Кхадеш-БарнаьӀе кхечира. [20] ТӀаккха ас шуьга
иштта элира: „Вайн Везачу Дала вайна схьалуш
болчу эмархойн лаьмнашна тӀе даьхкина шу.
[21] Шун Везачу Дала шуна дӀалуш ду хӀара латта.
Шун дайн Везачу Дала шайга ма-аллара, дӀа а гӀой,
и латта шайн дола даккха. Кхера а ма ло, дог
доьхна а ма хила“.
[22] Амма аша массара а, суна тӀе а даьхкина, элира
соьга: „Ваьшна хьалхара нах бохуьйтур бу вай,
цаьрга и латта таллийтархьама а, вай даха дезаш
болчу некъах а, вай тӀегӀур долчу гӀаланех а лаьцна
ваьшка хаам байтархьама“.
[23] И къамел суна хазахийтира, цундела ас шун
хӀора тайпанна юкъара цхьацца стаг хаьржира.
[24] Уьш, дӀа а бахана, лаьмнаш тӀе а бевлла, Ашкул-
тогӀенна тӀе а кхаьчна, цуьнга бӀаьрг а тоьхна,
дӀасахьаьвсира. [25] Оцу лаьтта тӀера стоьмаш, шайн
кара а эцна, вайна схьабеара цара. Вайна хаам а
бахьаш, цара иштта элира: „Мел хаза ду вайн
Везачу Дала вайна схьалуш долу латта“.
[26] †Амма шуна цига даха ца лиира. Шу шайн
Везачу Дала бохучунна дуьхьалдевлира. [27] Шайн
четарш чохь яппарш а еш, аша бохура: „Везачу Эло
Шена ца дезарна арадаьхна вай Мисар-махкара,
эмархойн кара дӀа а делла, хӀаллакдархьама.
[28] Стенга даха деза вай? Вайн вежарша вайн
дегнаш малдина: ‘И халкъ алсам ду, вайл дукха а,
лекха а ду. Цигара гӀаланаш яккхий а ю, стигала
кхаччал лекха чӀагӀонаш йолуш а ю. Цул совнаха,
ӀаьнакхцӀе йолчу турпалх схьабевлларш а гира
тхуна цигахь’, – бохуш“.
[29] Ас шуьга элира: „Кхера а ма ло, оза а ма ло
царах. [30] Шун Веза Дела шуна хьалхаваьлла воьдуш
ву. Цо шуьгахьа тӀом бийр бу, Мисар-махкахь шун
бӀаьргашна гина ма-хиллара. [31] ††Яьссачу арахь а
шуна изза гинера. Шаьш кху меттиге схьакхаччалц
аша бинчу новкъахь, адамо шен бер санна, шу
леладора шун Везачу Дала, шуна гина ма-хиллара“.
[32] ‡И дерриг а шайна гуш доллушехь, тӀаккха а
шайн Везачу Делах ца тешара шу. [33] Иза шуна
хьалха ваьлла лелара, шуна совца меттигаш
лохуш. Иза буьйсанна цӀарца хуьлура, шу даха
деза некъ шуна гайтархьама, ткъа дийнахь
мархица хуьлура».

### Исраилан къомана дина таӀзар

(Лелар 14:20-45)

[34] ‡‡«ТӀаккха, шун дешнаш дӀахезча, Веза Дела
оьгӀазвахара. Цо чӀагӀо йира: [35] „ХӀокху адамийн
телхинчу гаранна юкъара цхьана а адамна гур дац,
шун дайшна Ас лур ду аьлла, ваӀда дина долу дика
латта, – аьлла. – [36] И латта Епунин кӀант волчу
Килабана бен гур дац. Иза лелла латта Ас цунна
дӀалур ду, цунна а, цуьнан кӀенташна а, иза
кхоччуш Веза Эла волчу Суна тӀаьхьа хӀоттарна“.
[37] Шу бахьана долуш Веза Эла суна а оьгӀазвахана.
Цо элира: „Хьо а вер вац оцу лаьтта тӀе. [38] Хьан
гӀоьнча волу Нунин кӀант ЮшаӀ вер ву оцу лаьтта
тӀе. Иза тӀечӀагӀве, хӀунда аьлча Исраилан къоме
оцу лаьттан дола дойтур ду цо“.
[39] Аша царах лаьцна, уьш мостагӀийн хӀонс хилла
дӀахӀуьттур ду, баьхна долу а, хӀинца а дика а, вон а
хӀун ду ца хууш долу а шун бераш девр ду оцу
лаьтта тӀе. Ас и латта царна лур ду, ткъа цара иза
шайн дола доккхур ду. [40] Ткъа шу, дӀа а дерзий,
Эрзийн-хӀордана тӀе боьдучу новкъахула яьссачу
аренга дӀагӀо.
[41] ХӀетахь, соьга жоп а луш, аша элира: „Тхайн
Везачу Далла дуьхьал къа латийна оха. Цига а
дахана, тхан Везачу Дала ма-бохху, тасалур ду тхо“.
Шух хӀораммо а тӀемалочун хуьлучу герзаца
гӀодаюкъ йихкира. Иза атта а хеташ, лаьмнашна
тӀе довла сацам бира аша.
[42] Амма Везачу Эло соьга иштта элира: „ДӀаала
цаьрга: ‘Ма довла лаьмнашна тӀе, ма бе тӀом, шайн
мостагӀашка шаьш эша ца дайтархьама, хӀунда
аьлча Со шуна юкъахь хир вац’“. [43] Ас иштта бехира
шуьга, амма аша соьга ла ца дуьйгӀира. Шу Везачу
Элан лаамна дуьхьалдевлира. Шайн юхахьаралла
бахьана долуш шу лаьмнаш тӀе девлира. [44] Оцу
лаьмнашна тӀехь беха болу эмархой
дуьхьалбевлира шуна. Цара шу, накхармозаша
дийриг а дина, лаьхкира. Цара шу эшадора СеӀир-
лаьмнашкара ур-атталла Хьормина тӀе кхаччалц
йолу меттигашкахь. [45] ТӀаккха, юха а дирзина,

† 1:26 Карлабаькkхинарг 9:23; Iебархошка 3:16.

†† 1:31 Векалийн 13:18. ‡ 1:32 Iебархошка 3:19. ‡‡ 1:34, 35 Iебархошка 3:18.

Везачу Элана хьалха дилхира шу. Амма Везачу
Элана шун маьхьарий а ца хезира, Цо шун тергам а
ца бира».

### Яьссачу аренгахь даьхна шераш

46 «Иштта, дикка хан яьккхира вай Кхадешехь».
2 †«Юханехьа а дирзина, яьссачу аренга а
девлла, Эрзийн хIордехьа боьдучу новкъахула
дIадахара вай, Везачу Эло соьга схьа-ма-аллара.
СеIир-лаьмнашна го туьйсуш, дуккха а хан
яьккхира вай.
2 Цул тIаьхьа Везачу Эло соьга иштта элира:
3 „Тоьар ду шуна хIокху лаьмнашна гонаш даха,
къилбаседехьа дIадерза. 4 ††СеIир-лаьмнаш тIехь
бехачу шайн гергарчу къомах болчу Iесавах
схьабевллачийн лаьттахула чекхдовла дохкуш ду
шу. Уьш шух кхералур бу, делахь а шу ларлуш
хилалаш. 5 Аша цаьрца тIом ма болабелаш, хIунда
аьлча Ас церан латтанех ког тIебиллал а латта лур
дац шуна. СеIир-лаьмнаш – иза Эдом-мохк бу – Ас
Iесаван тIаьхьенна дIабеллера иза, цуьнан долахь
хилийтархьама. 6 Юург яа, шайгара дети дIа а лой,
цаьргара эций. Мала хи а схьаэца цаьргара, цунах
дети дIа а лой“.
7 Шун Везачу Дала шун куьйгаша мел дечунна
тIехь шу декъалдина. Цо шун дола дина хIокху
йоккхачу а, кхерамечу а яьссачу аренгахула шу
леллачу хенахь. ХIара шовзткъа шо ду шун Веза
Дела шуьца волу. Шу цхьана а хIуманна тIехь эшам
ловш дацара.
8 СеIирехь бехачу вайн гергара къам долчу
Iесаван тIаьхьенан лаьтта юххехула тIех а девлла,
Эйлатера а, Iецйон-ГIебарера а боьдучу некъах дIа
а дирзина, Муабин яьссачу аренна тIедоьлхура
вай. 9 ‡МостагIалла ма доладелахь муабахошца, ма
болабелахь цаьрца тIом, хIунда аьлча Аса оцу
лаьттах зил а лур бац хьан кара. Ас ЛутIин
тIаьхьенна дIаелла Iар-гIала, цаьрга дола дайта».
10 (Хьалха цигахь эймимахой баьхнера. И къам
нуьцкъала а, алссам а дара. Иза, турпалш болу
Iаьнакхахой санна, лекха къам дара. 11 Iаьнакхахой
санна, уьш а репахой лорура, ткъа муабахоша
царах эймимахой олуш хилла. 12 СеIир-лаьмнаш
тIехь хьалха заманахь хьорихой хилла бехаш.
Амма Iесаван кIентий, уьш дIа а лаьхкина, шайна
гучуьра дIа а баьхна, церан меттигашкахь баха
хевшина. Исраилхоша а изза динера Везачу Эло
шайн дола деллачу лаьттах.)
13 «Везачу Эло элира: „Хьала а гIовттий, Зерад-
татол долчу тогIенехула чекхдовла“. ТIаккха вай
чекхдевлира Зерад-татол долчу тогIенехула. 14 ‡†Вай
Кхадеш-БарнаьIара арадевллачу хенахь дуьйна
Зерад-татол долчу тогIенехула чекхдовлучу ханна
тIекхаччалц, ткъе берхIитта шо дIадаьлла. Вайн
къомана юкъара тIаме дахалуш мел хилла гаранаш
хIаллакьхилла, Везачу Эло царна чIагIо йина ма-
хиллара. 15 Везачу Элан куьг царна тIедаьхьна ма-
дара, уьш хIаллак а бина, къомана юкъара Цо
берриш а дIабаххалц.
16 ТIаме дIаэхалуш берш, берриш а хIаллак а
хилла, халкъана юкъара белла дIабевллачу хенахь,
17 Везачу Эло соьга иштта элира: 18 „Хьо хIинца
Муаби-махкахула, Iар-гIалина уллохула, чекхволуш
ву. 19 ‡‡Iамминхошна хьо гергакхаьчча, цаьрца
мостагIалла а ма леладе, цаьрца тIом а ма бе. Ас
Iамминхойн лаьттах цхьа а меттиг лур яц хьан
кара. Ас и латта ЛутIин тIаьхьенна дIаделла“».
20 (И латта репахойн лоруш дара, мацах цигахь
репахой баьхна дела. Iамминхоша царах
замзумхой олура. 21 И къам нуьцкъала а, дукха а
дара, уьш Iаьнакхахой санна, лекха а бара. Везачу
Эло и репахой хIаллакбира Iамминхошна хьалхара.
Iамминхой, уьш ара а баьхна, церан меттигашкахь
баха хевшира. 22 СеIир-лаьмнашкахь бехаш болчу
Iесаван тIаьхьенах болчеран дуьхьа Везачу Эло
изза дира. Царна хьалха Цо хьорихой а
хIаллакбира. Iесаван тIаьхьенах берш, уьш ара а
баьхна, церан меттигашкахь баха хевшира.
Таханлерчу дийнахь а уьш цигахь бехаш бу.
23 Иштта Крит-гIайренера схьабевлла болу
каптIархой а, Iази-гIалина тIекхаччалц йолчу
ярташкахь баьхна болу Iаваймхой хIаллак а бина,
церан меттигашкахь баха хевшира.)
24 КхидIа Мусас элира: «Цул тIаьхьа Везачу Эло
иштта элира: „ХьалагIовтта, дIа а гIой, Арнон-хих
дехьадовла. ХIан, Ас хьан кара дIало эмархо волу
Хьешбон-мехкан паччахь Сихьон а, цуьнан латта а.
И латта хьайн кара а дерзош, тIом бе цуьнца. 25 Аса
тахана дуьйна шух болу кхерам а, къемат а
дIасадаржор ду стигална кIел мел долчу
халкъашна. Шух лаьцна дIахезнарш кхералур а бу,
Iадор а бу“».

### Сихьон-паччахьна тIехь толам баккхар

(Лелар 21:21-30)

26 «Кхадимут цIе йолчу яьссачу аренгара
Хьешбон-гIалин паччахь волчу Сихьонна тIе
векалш бахийтира ас, машар а кховдош, хIара
дIаалийтархьама: 27 „Пурба лохьа тхуна хьайн
махкахула чекхдовла. Тхо, я аьтту, я аьрру агIор дIа
ца доьрзуш, нийсса новкъахула дIагIур ду. 28 Детих
юург йохка тхуна, тIаккха бен оха иза юур яц. Детих
мала хи а ло тхуна, тIаккха бен оха иза мер дац.
ГIаш бен тхо тIех а девр дац, 29 тхуна СеIир-
лаьмнаш тIехь бехачу Iесаван тIаьхьенах болчара
а, Iар-гIалахь бехачу муабахоша а дина ма-
хиллара, Йордан-хина дехьа а девлла, тхайн Везачу
Дала тхайна луш долчу лаьтта тIе тхо дIакхаччалц“.
30 Амма Хьешбон-гIалин паччахь волу Сихьон
реза ца хилира шен лаьтта тIехула вай
чекхдовлийта, хIунда аьлча шун Везачу Дала
цуьнан са а карзахдаьккхира, дог а чIагIдира,

† *2:1 Лелар 21:4.* †† *2:4 Доладалар 36:8.* ‡ *2:9 Доладалар 19:37.* ‡† *2:14 Лелар 14:28-35.*

‡‡ *2:19 Доладалар 19:38.*

хIинца вайна схьагуш ма-хиллара, иза шун кара
дIавалархьама.
31 Везачу Эло соьга иштта элира: „ХIан, Ас Сихьон-
паччахь а, цуьнан латта а шун кара далар
дIадолийна. Хьо а дIаволало цуьнан латта хьайн
карадерзо“. 32 ТIаккха Сихьон-паччахь шен мел
долчу эскарца вайна дуьхьалгIаьттира ЯхIац-
гIалина уллохь хиллачу тасадаларехь. 33 Вайн
Везачу Дала иза вайн кара схьавелира. Вай иза а,
цуьнан кIентий а, цуьнан мел долу халкъ а
хIаллакдира. 34 Оцу хенахь цуьнан ерриг а
гIаланаш схьа а яьхна, царах хIорра а, Далла дIа а
къастийна, кхоччуш дакъазаяьккхира, божарий а,
зударий а, бераш а хIаллак а деш. Царах цхьа а
дийна ца витира оха. 35 ГIаланаш дакъазаяхале,
церан бежанаш а, церан схьаяьхначу
гIаланашкара вай схьадаьккхинарг а, хIонс санна,
дIадаьхьнера. 36 Арнон-хин тогIин йистера йолчу
IаруIер-гIалара ГалIад-гIала дIакхаччалц йолу цхьа
а гIала ца йисира вайга схьа ца яккхалуш. И дерриг
а вайн кара схьаделира вайн Везачу Дала.
37 Iамминхойн лаьттана, я Ябокх олучу хин
йистошкахула йолчу меттигашна, я лаьмнашна
тIехь йолчу гIаланашна, я вайн Везачу Дала ца
магийначу цхьана а хIуманна тIе ца кхевдира вай».

### IовгIа-паччахьна тIехь толам баккхар

(Лелар 21:31-35)

3 «Вай, цигара юха а дирзина, Башан-махка
дахара. Башан-мехкан паччахь IовгIа шен мел
долчу эскарца ЭдреIи олучу меттиге дIавахара,
вайна тIамца дуьхьалвалархьама. 2 ТIаккха Везачу
Эло соьга иштта элира: „IовгIа-паччахьах ма кхера.
Ас иза а, цуьнан эскар а, цуьнан мел долу латта а
хьан кара дIадала сацам бина. Ахь цунна
Хьешбонехь олалла динчу эмархойн паччахь
хиллачу Сихьонна диннарг дийр ду“.
3 Вайн Везачу Дала Башан-мехкан паччахь а,
цуьнан мел долу эскар а вайн кара схьаделира. Вай
IовгIа хIаллаквира, цуьнан халкъах цхьа а дийна
ца вуьтуш! 4 Цу хенахь Башан-махкахь йолчу
АргIаб-кIоштехь цуьнан ерриге а гIаланаш вай
схьаехира. Цхьа а гIала ца йисира вай схьаяккхаза:
IовгIа паччахь волчу махкахь кхузткъа гIала яра
уьш. 5 И ерриге а гIаланаш лекхачу пенашца,
кевнашца, кевнашна боьгIначу ондачу гIорашца
чIагIйина яра. Гобаьккхина пенашца чIагIъяза
кхин а дуккха а гIаланаш яра цигахь. 6 Вай и
гIаланаш хIаллакйира, ваьш Хьешбонера
паччахьан Сихьонан гIаланаш хIаллак ма-ярра.
ХIора гIала, Далла дIа а къастийна, кхоччуш
дакъазаяьккхира, божарий а, зударий а, бераш а
хIаллак а деш. 7 Ткъа массо а бежанаш а, вай
схьаяьхначу гIаланашкара карадеанарг а вай
хIонсана дIадаьхьира.
8 Оцу хенахь эмархойн шинна а паччахьан
карара Йордан-хин малхбалехьарчу Арнон-хина
тIера Хьермон-ломана тIекхаччалц долу хIара
латта схьадаьккхира вай. 9 (ЦIаданхоша Хьермонах
Сириюн олу, ткъа эмархоша Санир олу.) 10 Башан-
мехкан паччахь волчу IовгIин ерриге а аре
схьалецира вай: тIапломахь мел йолу гIаланаш а,
берриг а ГалIад-мохк а, иштта Салха а, ЭдреIи а
гIаланашна тIекхаччалц болу берриг а Башан-мохк
а».
11 (Башан-мехкан паччахь волу IовгIа репахойх
тIаьххьара висинарг вара. Цуьнан аьчка маьнга
хIинца а Iамминхойн кIенташкахь бу Рабба-
гIалахь. Иза бохалла исс дол, ткъа шоралла диъ
дол бара, юкъахь лелаш болчу барамашца иза
буьстича.)

### Йордан-хина малхбалехьа даха хевшина тайпанаш

(Лелар 32:1-42)

12 «ХIара латта вай схьалаьцначу хенахь, Арнон-
хина йистерачу IаруIер-гIалара дуьйна долу латта
а, ГалIад-лаьмнийн ах а, цуьнан ерриге а
гIаланашца цхьаьна ас Гадин а, Раабанан а
тайпанашна дIаелира. 13 Ткъа ГалIад-лаьмнех
йисина ах а, IовгIа паччахьан болу Башан-мехкан
АргIаб-кIошт а ас Маннашан ахтайпанна дIаелира».
(Башан-махках репахойн мохк олура.
14 Маннашхочо Яира берриге а АргIаб-мохк
гешурхойн а, маIхахойн а латтанашна тIекхаччалц
дIалецира. Башан-махкана Яира шен цIе тиллира.
Царах хIинца а Яиран ярташ олу.)
15 «ГалIад-мохк ас Маннашан кIант волчу Макиран
тIаьхьенах болчарна дIабелира. 16 Ткъа Раабанан а,
Гадин а тайпанашна ГалIад-махка тIера Арнон-хина
тIекхаччалц долу латта дIаделира ас. Церан
къилбера доза Арнон-хина юккъехь дара, ткъа
церан латта Iамминхойн дозанехь долчу Ябокх-
хина тIекхаччалц дIасадаьржира. 17 Оцу кхаа
тайпанна дIаделла долчу латтанийн малхбузера
доза *Iариба-тогIи* чохь долчу Йордан-хина
тIекхаччалц дара. И доза Канарота тIера Дуьрачу
хIордана уллохь болчу Пасга-ломан кIажина
тIекхаччалц дара.
18 †Оцу хенахь ас шуьга иштта омра дира: „Шун
Везачу Дала хIара латта шуна дIаделла шун дола
даккхийта. Ткъа хIинца тIом балуш мел верг, герз
схьа а эций, шайн вежарий болчу исраилхошна
хьалха а валий, Йордан-хина дехьавала. 19 Ткъа
шайн зударий а, шайн бераш а, шайн бежанаш а, –
суна хаьа уьш шун дукха дуйла, – ас шайна
дIаеллачу гIаланашкахь дита, 20 Везачу Эло, шуна
санна, оцу шун вежаршна паргIато яллалц а, шун
Везачу Дала царна луш долу Йордан-хина дехьа
долу латта цара шайн дола даккхалц а. Цул тIаьхьа
шух хIора а ас шайна деллачу лаьтта юхаверза“, –
аьлла.
21 ХIетахь ас ЮшаIе а весет дира, иштта олуш:
„Хьан бIаьргашна гина вайн Везачу Дала шинна а
паччахьна мел динарг. Изза дийр ду Везачу Эло
хьо чекхвер волчу массо а пачхьалкхашна. 22 Царах

† *3:18-20 ЮшаI 1:12-15.*

ма кхера, хIунда аьлча шун Веза Дела Ша шуьгахьа
тIом беш ву“».

### Муса-пайхамарна КанаIан-махка чувалар дехкар

23 †«Оцу хенахь со иштта доIанаш деш вара
Везачу Эле: 24 „Сан хьалдолу Эла, Ахь схьагайта
долийна Хьайн ялхо волчу суна Хьайн сийлалла а,
ондалла а. Кхин муьлха Дела ву стигалшкахь я
латта тIехь Ахь деш долу гIуллакхаш а, тамашийна
хIуманаш а далуш? 25 Лохьа пурба Йордан-хих
дехьа а ваьлла, цунна дехьа долу дика латта ган –
исбаьхьа хаза лаьмнаш а, Ливанун латта а“, –
бохуш.
26 Амма Веза Эла шу бахьана долуш суна
оьгIазъоьхура. Цо ла ца дуьйгIира соьга. Везачу
Эло соьга иштта элира: „Тоьар ду! Кхин ма дийца
Соьга цунах лаьцна! 27 Пасга-ломан боххье
хьалавала. ДIахьажа малхбалехьа а,
къилбаседехьа а, къилбехьа а, малхбузехьа а.
Дерриг а гуш долчуьнга дикка хьажа, хIунда аьлча
Йордан-хина дехьа валалур вац хьо! 28 ЮшаIе весет
а де, иза иракара а хIоттаве, чIагI а ве, хIунда аьлча
ЮшаIа халкъ Йордан-хих дехьа а доккхур ду, хьуна
гун долу латта цо цаьрга шайн дола а доккхуьйтур
ду“.
29 Иштта вай севцира Байт-ПаIар-гIалина уллохь
йолчу тогIи чохь».

### Деле ладугIуш хила аьлла, халкъе Мусас кхайкхам бар

4 «ХIинца ладогIа, Исраилан халкъ, тахана ас
хьайна хьоьхучу парзашка а, тIедехкинчаьрга
а. Ас уьш кхочушдан хьоьху шуна, шу дийна
хилийтархьама а, шун дайн Везачу Дала шайна
луш долчу латта тIе а дахийтина, шуьга иза шайн
дола даккхийтархьама. 2 ††Цхьа а хIума аса шуна
тIедиллинчунна тIе а ма тоха, цунна тIера дIа а ма
даккха. Ларде Аса шуна тIедуьллуш долу шайн
Везачу Делан весеташ. 3 ‡Шун бIаьргашна гир-кх,
шун Везачу Дала ПаIор-ломахь мел динарг. БаIал-
ПаIорна тIаьхьа мел хIоьттинарг шун Везачу Дала,
хIаллак а вина, шуна юкъара дIаваьккхина. 4 Ткъа
шу, шайн Везачу Делах дIакхеттарш, дерриш а
таханлерчу дийнахь а дийна дисина.
5 Сан Везачу Дала сайна тIедиллина ма-хиллара,
Цуьнан парзаш а, тIедехкинарш а довзийтина ас
шуна, шайн дола баккха шу тIедоьлхучу оцу
махкахь шуьга и хьехамаш кхочушбайтархьама.
6 Уьш лар а бе, кхочуш а бе, хIунда аьлча цунах
кхечу халкъашна гур ду, шун хьекъалалла а,
кхетамалла а дуйла. И массо а парзаш шайна
дIахезча, цара эр ду: „ЭхI, хIара сийлахь къам ма
хьекъале а, кхетаме а халкъ ду!“
7 Дуй те кхин цхьа а сийлахь халкъ церан
деланаш иштта царна юххера болу, вай муьлххачу
а хенахь Шега кхайкхича, вайн Веза Дела санна
юххехь хуьлуш? 8 Дуй те кхин цхьа а сийлахь халкъ
иштта нийса парзаш а, тIедехкинарш а шен долу,
тахана ас шуьга дIакховдош дерш санна? 9 Амма
ларлуш а хилалаш, шайн синан дола а делаш,
шайн бIаьргашна гина гIуллакхаш диц ца
далийтархьама а, и дерриг а, шу мел деха, шайн
даг чуьра дIа ца далийтархьама а. Шайна гинарш
дIадийца шайн берашка а, шайн берийн берашка
а. 10 ДIадийца Хьариб-ломахь гуламехь шайн
Везачу Далла хьалха шу лаьттинчу оцу дийнах
лаьцна а. ХIетахь Везачу Эло соьга иштта элира:
„Схьагулде Суна тIе халкъ, Ас Сайн дешнаш
дIакхайкхор ду цаьрга. И дешнаш шайна дIахезча,
кху лаьтта тIехь мел деха шаьш а, шайн бераш а
Соьга ларамах дуьзна хила Iамор ду цара“.
11 ‡†Юххе а даьхкина, шу ломан кIажехь севцира.
Ткъа и лам стигала дIакхаччалц цIе яьлла богура.
Цигахь Iаьржа бода а, юькъа мархаш а яра.
12 ТIаккха Веза Эла шуьга вистхилира оцу цIерана
юккъера. Цо дуьйцург шуна хезара, амма Цуьнан
васт ца гора, аз бен ца хезара. 13 ‡‡Цо шуна Шеца
беш болчу бертан тIедожораш дIакхайкхийра,
шайга кхочушдайта итт хьехам шуьга дIа а
хоуьйтуш. Везачу Эло уьш тIулган шина экъанна
тIе дIаязбира. 14 ‡‡†ХIетахь тIедиллира суна Везачу
Эло шайн дола даккха шу тIедовлучу лаьтта тIехь
шайга кхочушдайта деза парзаш а, тIедехкинарш а
шуна Iамор».

### ЦIушна Iамалъярх лардала дезарх лаьцна

15 «Веза Эла Хьариб-ломахь цIеран юккъера
шайга вистхиллачу оцу дийнахь шайна цхьана а
тайпана васт ца гина дела, шайн дегнашкахь дерг
чIогIа ларделаш. 16 ‡‡‡Аша иза делаш шаьш ца
талхадайтархьама, муьлххачу а вастехь шайна цIу
а вина – стеган я зудчун вастехь, 17 §лаьтта тIехь
дехачу дийнатан я стигалахь тIемадолучу
олхазаран вастехь, 18 лаьттахула текхачу дийнатан
я лаьттал лахарчу хи чохь нека дечу чIеран
вастехь. 19 Иза делаш, стигала шаьш хьалахьаьжча,
малхххий, буттий, седарчий – и дерриге а стигалан
ницкъаш бу – шайна гича, Iеха а делла, царна
Iибадат ца дархьама а, царна гIуллакх деш ца
лелархьама а, хIунда аьлча шун Везачу Дала стигал
кIел мел долчу халкъашна делла и дерриге а.
20 §†Ткъа шу Везачу Эло, эчиг лало пеш йолчу
Мисар-махкара схьа а эцна, арадаьхна. Цо иза,
хIинца схьагуш ма-дарра, шух Шен долахь долу
халкъ хилийтархьама дина. 21 §††Веза Эла шу
бахьана долуш суна оьгIазваханера. Цо чIагIо
йинера, со Йордан-хина дехьа а вер вац, шун

† *3:23-27 Лелар 27:12-14; Карлабаькххинарг 32:48-52.* †† *4:2 Довзийтинарг 22:18, 19.* ‡ *4:3 Лелар 25:1-9.*

‡† *4:11, 12 Арадаккхар 19:16-18; Iебархошка 12:18, 19.* ‡‡ *4:13 Арадаккхар 31:18; 34:28; Карлабаькххинарг 9:10.* ‡‡† *4:14 Арадаккхар 21:1.* ‡‡‡ *4:16 Арадаккхар 20:4; Iамалъяр 26:1; Карлабаькххинарг 5:8; 27:15.* § *4:17, 18 Римхошка 1:23.* §† *4:20 Арадаккхар 19:5; Карлабаькххинарг 7:6; 14:2; 26:18; Тите 2:14; 1 Кипин 2:9.* §†† *4:21 Лелар 20:12.*

Везачу Дала шун дола луш долчу оцу беркатечу
лаьтта а вер вац аьлла. 22 Йордан-хина дехьа а ца
волуш, хIокху лаьтта тIехь лийр ву со, ткъа шу
дехьа а девр ду, и токхе латта аша шайн дола а
доккхур ду. 23 Варелаш, ларлолаш шайн Везачу
Дала шайца бина барт бицбарх а, шайн Везачу
Дала шайна тIе-ма-диллара, Iамал ян цхьана
хIуманан вастехь цIу-деланаш шаьш барх а.
24 †ХIунда аьлча шун Веза Дела – Иза массо а хIума
ягийна дIайоккхур йолу цIе ю, Иза эмгаралла йолу
Дела ву.
25 Нагахь санна, шун бераш а хилла, шун берийн
бераш а хилла, оцу махкахь шу дуккха а Iан
дахкахь, шу, цхьаннан вастехь цIу-делан сурт а
дина, талха мегара. И дарца аша шайн Везачу
Далла хьалха вон дийр ду, тIаккха Иза дарлур ву.
26 Иштта хилча, тахана ас стигаллий, латтий
тоьшалла дан схьакхойкху, Йордан-хина дехьа а
девлла, аша шайн дола доккхуш долчу лаьтта тIехь
шу сихха хIаллакьхир ду аьлла. Аша цигахь дукха
хан а йоккхур яц, ткъа шу цигара хIаллакдина
дIадохур ду. 27 ††Везачу Эло шу массо а халкъашна
юкъахь дIасадаржор ду. Везачу Эло шу дIалохкучу
къаьмнашна юкъахь шух кIезиг бен дийна дуьсур
дац. 28 Аша цигахь кхечу деланашна Iибадат дийр
ду. И деланаш адамаша шайн куьйгашца бина хир
бу дечигах а, тIулгах а, царна хIумма а ца го, хIумма
а ца хеза, цаьрга хIумма а яа ца ло, царна цхьа а
хьожа а ца йогIу. 29 ‡Амма аша Веза Эла цигахь
лехча, шуна Иза карор ву, доллучу даггара а, шайн
мел долчу синца а аша лехча. 30 Хало шайна
тIееача, тIаьхьо и дерриг а шайна тIенисделча, шу
шайн Везачу Далла тIедоьрзур а ду, Цо бохучуьнга
аша ла а дугIур ду. 31 Шун Веза Дела дика а,
къинхетаме а ву. Цо шу дIатосур а дац, хIаллак а
дийр дац, Цо шун дайшца, чIагIо а еш, Ша бина
барт а бицбийр бац».

### Исраил шатайпа халкъ хилар

32 «Хаттал шул дукха хьалха хиллачу ширачу
заманех лаьцна, Дала лаьтта тIехь адам
кхоьллинчу дийнахь дуьйна. Хаттал дерриг а
дуьненна тIехь – стигалан цхьана йистера вукху
йисте кхаччалц. Хиллий те хIара санна сийлахь
гIуллакх, я хезний те хIара санна дерг? 33 ТIаьхьа
дийна а дуьсуш, хьуна санна хезний те цхьана а
халкъана делан аз цIеран юккъера схьадечу
къамелаца? 34 Зе дарца а, билгалонаш гайтарца а,
тамашийна хIуманаш дарца а, тIом барца а, ондачу
куьйгаца а, дIакховдийначу пхьаьрсаца а, чIогIачу
къематашца а кхин муьлха дела маца гIиртина те,
кхечу къомах паргIат а даьккхина, цхьа къам шен
дола даккха? Делахь а, и дерриге а шун бIаьргашна
хьалха дина-кх шун Везачу Дала, шу Мисар-
махкахь долуш! 35 ‡†И дерриг а гайтина дара шуна,
Веза Эла Дела вуйла шуна дIахаийтархьама. И
воцург, кхин цхьа а Дела вац. 36 Цо стигалара Шен
аз хазийтина, шу Iаморхьама. Цо лаьттахь Шен
сийлахь йолу йогу цIе а гайтина шуна, цIеран
юккъера Иза Ша вистхуьлуш а хезна шуна. 37 Шун
дай Шена безна дела, царах йисина тIаьхье йолу
шу хаьржира Цо. Цо Ша Мисар-махкара Шен
боккхачу ницкъаца шу арадаьхна. 38 Цо иза дина,
шун чул дукха а, онда а долу халкъаш шуна
хьалхара дIалахкархьама а, шу церан лаьтта тIе а
довлийтина, иза шун дола даккхархьама а, хIинца
иза ма-дарра. 39 ДIа а хаа, шайн даг чохь а латтаде,
Веза Эла лакхахь стигалахь а, лахахь лаьтта тIехь а
Дела вуйла а, И воцург, кхин цхьа а дела воцийла а.
40 Ларделаш тахана ас шуна тIедохкуш долу Цуьнан
парзаш а, весеташ а, шайна а, шул тIаьхьа хир
долчу берашна а диканна хилийтархьама а, шун
Везачу Дала шайна гуттаренна а луш долчу лаьтта
тIехь шу дуккха а дахкийтархьама а».

### ДIалачкъа йина гIаланаш

41 ‡‡Цул тIаьхьа Йордан-хина малхбалехьа йолу
кхо гIала дIакъастийра Муса-пайхамаро. 42 Хьалха
шеца мостагIалла хилла воцу стаг ларамаза
вийнарг цига дIавада мегар ду. Царах цхьана
гIалахь дIалачкъа йиш хир яра цуьнан, дийна
висархьама. 43 Яьссачу шерачу аренгахь йолу
Бацар-гIала раабанхошна лерина яра, ГалIад-
махкахь йолу Рамат-гIала гадахошна лерина яра,
ткъа Башан-махкахь йолу Голан-гIала
маннашхошна лерина яра.

### Делера болу итт хьехам бовзийтале

44 ХIара Мусас Исраилан халкъана дIабовзийтина
*товрат-хьехам* бу. 45 Товрат-хьехамна чубогIуш болу
а, шаьш Мисар-махкара арабевллачул тIаьхьа
Мусас цаьрга дIабелла болу сацамаш а, парзаш а,
тIедехкинарш а ду хIорш. 46 Иза хилира уьш
Йордан-хина малхбалехьа, Байт-ПаIарна уллохь
йолчу тогIи чохь болчу хенахь. И латта
Хьешбонехь олалла динчу эмархойн паччахьан
Сихьонан хилла. Иза Мусас исраилхошца цхьаьна
шаьш Мисарара арадевллачу хенахь эшийнера.
47 Йордан-хина малхбалерчу шинна а паччахьан –
Сихьонан а, Башан-мехкан паччахьан IовгIин а –
латтанаш схьалаьцнера исраилхоша. 48 Арнон-хина
йистехь йолчу IаруIер-гIалара Сирионун-ломана ‡‡†
тIекхаччалц. (Сириюнах Хьермон-лам а олу).
49 Царна чу йогIура Йордан-хина малхбалехьа йолу
*Iариба-тогIи*, Пасга-ломан кIажехь болчу Iариба-
хIордана тIекхаччалц.

### Делера болу итт хьехам
(Арадаккхар 20:1-17)

5 Исраилан дерриг а халкъ схьа а гулдина,
Мусас иштта элира: «ЛадогIал, исраилхой,

† 4:24 Iебархошка 12:29. †† 4:27, 28 Карлабаьккхинарг 28:36. ‡ 4:29 Ярми-ЯхIу 29:13. ‡† 4:35 Марк 12:32.

‡‡ 4:41-43 ЮшаI 20:8, 9. ‡‡† Цхьана ширачу гочдар тIехь: *Сирион-лам. *Iебархойн тептар тIехь: *Сион-лам.*

тахана ас шун лергашна дIахозуьйтуш деш долчу
парзашка а, тIедехкинчаьрга а. Уьш Iама а делаш,
уьш кхочушдан а хьовсалаш. 2 Вайн Везачу Дала
вайца барт бина Хьарибехь. 3 Цо и барт вайн
дайшца ца бина, ткъа кхузахь тахана дийна долчу
вайца массаьрца а бина. 4 Веза Эла ломахь йолчу
цIерана юккъера юьхь-дуьхьал вистхилира шуьга.
5 Ткъа со оцу хенахь Везачу Элана а, шуна а
юккъехь лаьтташ вара, Везачу Эло бохург шуьга
дIадийцархьама. ХIунда аьлча шу, цIерах шаьш
кхерарна, лам тIе ца довлура.

ХIетахь Везачу Эло иштта элира: 6 „Со Веза Эла ву,
шун Дела, шу Мисарара лоллехь долчуьра
Арадаьхнарг.

7 Со воцург, кхин Дела ма хилийта шайн.

8 †Цхьана а тайпана лакхахь стигалахь, я лахахь
лаьттахь, я лаьттал лахарчу хиш чохь хIуманан
вастехь сурт кхуллуш, шайна цIуш а ма белаш.
9 ††Царна корта а ма бетта, Iибадат а ма де. Со, шун
Веза Дела, эмгаралла йолу Дела ву. Со ца везаш
волчунна таIзар до Ас. Ас цунна а, цуьнан берашна
а, кхозлагIчу а, йоьалгIачу а тIаьхьенна
тIекхаччалц таIзар до. 10 Амма, шена тIедиллинарг
кхочуш а деш, Со везаш волчунна эзарнаш
тIаьхьенашкахь Сайн хедар боцу безам гойтур бу
Ас.

11 ‡Везачу Элан, шайн Делан, цIе эрна ма яккха,
хIунда аьлча Шен цIе эрна йоккхуш верг Везачу
Эло таIзар ца деш вуьтур вац.

12 ‡†Шун Везачу Дала тIе-ма-диллара, шоьтан де
ларде, иза Сан дуьхьа дIа а къастош. 13 ‡‡Ялх
дийнахь болх а бе, дерриг а шайн гIуллакхаш а
нисде. 14 Ткъа ворхIалгIа де шайн Везачу Далла
лерина садоIу де хилийта. Цу дийнахь аша а, шун
кIанта а, йоIа а, шун лено а, гIарбашо а, шун стеро
а, виро а, шун хьайбанех цхьаммо а, шун
гIаланашкахь ваха тIевеана волчо а цхьана а
тайпана болх ма бе, хIунда аьлча шу санна шун
лено а, гIарбашо а садаIа деза. 15 Диц ма делаш
Мисар-махкахь шаьш леш хилла хилар, ткъа шун
Везачу Дала Шен ондачу куьйгаца а, Шен
дIакховдийначу пхьаьрсаца а шу арадаьхна хилар.
Цундела шоьтан садоIу де лардан шуна тIедиллина
шун Везачу Дала.

16 ‡‡†Шайн да а, нана а лара, шайн Везачу Дала тIе-ма-диллара, шайн Везачу Дала шуна луш долчу
лаьтта тIехь дехха дахар шун хилийтархьама а,
шуна дика хилийтархьама а.

17 ‡‡‡Адам ма де.

18 §Нахаца ма лела.

19 §†Къола ма де.

20 §††Шайн уллорачунна дуьхьал харцтоьшалла ма
де.

21 §‡Шайн уллорачун зуда ма еза. Иштта цуьнан
цIа я латта а ма деза, цуьнан лай а, гIарбаш а, сту а,
вир а, цуьнан цхьа а хIума а шайна ма езийта“.

22 §‡†ХIара хьехамаш лам тIехь волчу Везачу Эло
чIогIачу озаца халкъан берриг а гуламна белира.
ЦIерана а, мархина а, Iаьржачу боданна а юккъера
Ша вистхилча, царал сов, Цо хIумма а ца элира.
ТIаккха и дешнаш тIулгах йолчу шина экъанна тIе
дIа а яздина, уьш соьга схьаелира Цо».

### Халкъ кхоьру

(Арадаккхар 20:18-21)

23 «Шайна боданна юкъара аз хезча, цIерах богуш
лам гича, шу суна тIе даьхкира, массо а шун
хьаькамаш а, шун къаной а. 24 Аша иштта элира:
„Вайн Везачу Дала Шен сийлалла а, возалла а
схьагайтира вайна. Цуьнан аз цIерана юккъера
схьахезнера вайна. Тахана вайна гира Дела адаме
вистхилахь а, и адам дийна диса мегаш хилар.
25 Кхин а цкъа вай дала йиш хIунда кхуллур яра?
Оцу сийлахьчу цIеро вай дуур ду. Нагахь санна
вайн Везачу Делан аз кхин а хазахь, вай лийр ду.
26 Дуй те цхьа а адам вайна санна цIерана юккъера
дийна волчу Делан аз а хезна, дийна дисина долу?
27 ТIе а верзий, ладогIа вайн Везачу Дала хьайга
мел бохучуьнга. ТIаккха тхоьга схьадийца вайн
Везачу Дала хьайга мел дуьйцуш дерг, ткъа оха ла
а дугIур ду, и дерриге а кхочуш а дийр ду“.

28 Везачу Элана дIахезира шун дешнаш, соьга
къамел деш аша аьлла долу. Цо соьга иштта элира:
„Суна хезира хIокху халкъо хьоьга аьлларг. Цара
мел аьлларг дика ду. 29 ЭхI-хIай, Соьга ларамах
дуьзна а хилла, дерриге а Сан весеташ кхочушдан
даим церан дегнаш делахьара, шайна а, шайн
берашна а гуттаренна диканиг хилийтархьама!
30 Вало, дIаала цаьрга: ‘Шайн четарш чу юхадерза’.
31 Ткъа хьо кхузахь Соьца виса. Ас хьоьга дIаэр ду
массо а весеташ, парзаш, тIедехкинарш. Халкъана
хьеха деза ахьа уьш, Ас шайн дола доккхун долчу
лаьтта тIехь уьш иштта лелийтархьама“.

32 Варелаш, шайн Везачу Дала шайна тIе-ма-диллара лелалаш. Я аьтту, я аьрру агIор дIа ма
дерзалаш. 33 Шун Везачу Дала шайна тIедехкинчу
некъашца лелалаш, шайна дола дан лун долчу
лаьтта тIехь шаьш дийна хилийтархьама а, шуна
дика хилийтархьама а, шаьш дуккха а
дахийтархьама а».

*† 5:8, 9 Iамалъяр 26:1; Карлабаькkхинарг 4:15-18; 27:15. †† 5:9, 10 Арадаккхар 34:6, 7; Лелар 14:18; Карлабаькkхинарг 7:9, 10. ‡ 5:11 Iамалъяр 19:12. ‡† 5:12 Арадаккхар 16:23-30; 31:12-14. ‡‡ 5:13, 14 Арадаккхар 23:12; 31:15; 34:21; 35:2; Iамалъяр 23:3. ‡‡† 5:16 а: Карлабаькkхинарг 27:16; Маттай 15:4; 19:19; Марк 7:10; 10:19; Лака 18:20; Эпасхошка 6:2; б: Эпасхошка 6:3. ‡‡‡ 5:17 Доладалар 9:6; Iамалъяр 24:17; Маттай 5:21; 19:18; Марк 10:19; Лака 18:20; Эпасхошка 6:3; Римхошка 13:9; Якъуба 2:11. § 5:18 Iамалъяр 20:10; Маттай 5:27; 19:18; Марк 10:19; Лака 18:20; Римхошка 13:9; Эпасхошка 6:3; Римхошка 13:9; Якъуба 2:11. §† 5:19 Iамалъяр 19:11; Маттай 19:18; Марк 10:19; Лака 18:20; Римхошка 13:9. §†† 5:20 Арадаккхар 23:1; Маттай 19:18; Марк 10:19; Лака 18:20. §‡ 5:21 Римхошка 7:7; 13:9. §‡† 5:22-27 Iебархошка 12:18, 19.*

### Коьртачу весетах лаьцна

6 «ХIорш ду шун Везачу Дала шуна хьеха аьлла
тIедехкина долу весеташ, парзаш,
тIедехкинарш. Шайна дола даккха шу тIедоьлхучу
оцу лаьтта тIехь, уьш кхочуш а деш, лела деза шу.
2 И дан деза аша а, шун бераша а, царал тIаьхьа
хиндолчу бераша а шайн Везачу Деле ларамах
дуьзна шаьш хилийтархьама а, ас шайна
тIедохкуш долу дерриг а Цуьнан парзаш а, весеташ
а лардайтархьама а, шун дахаран хан
яхъялийтархьама а. 3 Исраилан халкъ, ла а догIа,
уьш леррина кхочуш а де, шайна дика
хилийтархьама а, шу алсам дебийтархьама а
шуьрех а, мазах а дуьзна токхе лаьтта тIехь, шун
дайн Везачу Дала шуна чIагIо ма-ярра.
4 †ЛадогIа, Исраилан халкъ: вайн Веза Дела – цхьа
Веза Эла ву ††. 5 ‡Хьайн Веза Дела доггах, доллучу
синца а, берриге а ницкъаца а веза. 6 ‡†Тахана Ас
весет деш долу хIара дешнаш хьайн даг чохь
латтаделахь. 7 Шайн берашна хьеха уьш,
исраилхой, дийца царах лаьцна шайн цIенош чохь
хевшина Iаш а, шаьш некъ беш а, шаьш
дIадуьйшуш а, хьалагIовттуш а. 8 Шайн куьйгаш тIе
дIадехка уьш билгалонна, шайн хьаьжнашна тIе а
дIадехка уьш хьехорна. 9 ДIаязде уьш шайн
неIсагIанаш тIе, шайн кевнаш тIе».

### ЛацадогIарна дуьхьал дIахьедар дар

10 ‡‡«Шайн Везачу Дала шун дайшна, ИбрахIимна,
Исхьакхана, Якъубана, шуна дIадала *ваIда* динчу
лаьтта тIе гIур ду шу. Шуна луш долчу лаьтта тIехь
аша йина йоцу яккхий а, дика а гIаланаш ю.
11 Шуна луш долчу лаьтта тIехь аша дуьзна доцу,
оьшуш мел долчух дуьзна долу цIенош а, аша
яьхна йоцу гIунаш а, аша кхиийна йоцу кемсийн а,
*зайт-диттийн* а бошмаш а хир ю. Оцу лаьтта тIехь
Iаббал баа кхача шайна хилахь, 12 варелаш, лоллин
цIа долчу Мисар-махкара шу арадаьхна волу Веза
Эла виц ма велаш! 13 ‡‡†Шайн Везачу Деле ларамах
дуьзна хила, Цунна бен гIуллакх а ма де, Цуьнан
цIарах бен дуйнаш а ма баа. 14 Цхьана а кхечу
деланашна тIаьхьа ма хIитталаш, цхьана а шайна
гонах хир долчу кхечу къаьмнийн деланашна а
тIаьхьа ма хIитталаш, 15 хIунда аьлча шуна юкъахь
хуьлуш волу Веза Дела эмгаралла йолу Дела ву. Шу
кхечу деланашна тIедерзахь, Иза, латийна цIе
санна, дарлур а ву, Цо дуьнен тIера дIадохур а ду
шу.
16 ‡‡‡Шайн Веза Дела зен ма гIерта, шаьш Массехь
иза ма-дарра. 17 ЧIогIа ларделаш шайн Везачу
Делан весеташ, цуьнан сацамаш а, парзаш а,
шайна тIедехкина долу. 18 Шайн Везачу Далла
хьалха нийса а, дика а дерг делаш шайна диканна
хилийтархьама а, Везачу Эло, шайн дайшна чIагIо
а еш, шайна лур ду аьллачу лаьтта тIе а девлла, иза
дола даккхархьама а, 19 берриш а шайн мостагIий,
Везачу Эло ма-бохху, аша шайна гучуьра
дIабахийтархьама а.
20 Нагахь санна тIейогIучу заманахь шун бераша
шайга хаттахь: „ХIун маьIна ду вайн Везачу Дала
вайна тIебехкинчу оцу сацамийн а, парзийн а,
хьехамийн а?“ 21 аш цаьрга иштта дIаала: „Вай
Мисар-махкахь пирIунан леш дара, амма Везачу
Эло вай арадехира Шен ондачу куьйгаца. 22 ТIаккха
вайн бIаьргашна хьалха Везачу Эло тамашийна
гIуллакхаш а, Iадоран билгалонаш а гайтира
Мисаран халкъана а, пирIунна а, цуьнан массо
цIенна а тIехь. 23 Ткъа Везачу Эло вай цигара ара а
дехира, дIа а дигира, вайн дайшна чIагIо а еш, лур
ду аьлла долу латта вайна схьадаларханьама.
24 Дерриг а и парзаш кхочушдан а, вайн Везачу
Деле ларамах дуьзна хила а тIедиллира вайна
Везачу Эло, массо а заманахь вай дика
хилийтархьама а, тахана санна, вай дийна
дисийтархьама а. 25 Нагахь санна вайн Везачу
Далла хьалха, и дерриг а весеташ, Цо вайна тIе-ма-
диллара, леррина кхочуш а деш, вай лелахь, иза
Далла тамехь хир ду“».

### Везачу Элан долахь долу халкъ

(Арадаккхар 34:11-16)

7 §«Шайн дола даккха шу тIедоьлхучу лаьтта тIе
шун Везачу Дала шу чудигча, Цо шуна
хьалхара дуккха а къаьмнаш дIалохкур ду –
хьетахой, гIиргIашахой, эмархой, канаIанхой,
перезахой, хьаьвихой, явсайхой. И ворхI къам шул
дукха а, ницкъ болуш а ду. 2 Шун Везачу Дала уьш
шун кара а делла, аша и къаьмнаш эшийча, уьш
кхоччуш дакъазадаха. Цаьрца барт а ма белаш,
царах къа а ма хеталаш. 3 Гергарлонаш а ма
тийсалаш цаьрца. Шайн йоIарий церан кIенташка
а ма бахийталаш, церан йоIарий шайн кIенташна а
ма балабелаш. 4 ХIунда аьлча цара шун кIентий Сох
дIаберзор бу, кхечу деланашна Iамал яйтархьама.
ТIаккха Везачу Элан дераллин цIе шуна тIехьодур а
ю, Цо шу сихха хIаллакдийр а ду. 5 §†Амма аша
царна хIара делаш: церан сагIа доккху меттигаш
йохаелаш, харцделанашна хIиттийна церан
тIулгаш аталаш, Ашера-далла лерина долу церан
дечиган бIогIамаш дIахедаделаш, церан цIуш
багабелаш. 6 §††Хьайн Везачу Делан деза халкъ ду
хьо. Хьан Везачу Дала хьо хаьржина, хьох Шен
долахь долу халкъ дархьама, дуьнен чохь мел
долчу халкъашна юкъара схьа а хаьржина дина
долу.

† 6:4 Марк 12:29. †† Вайн Веза Дела – цхьа Веза Эла ву *–я иштта: *вайн Дела – Веза Эла ву, Веза Эла бен вац. *Я иштта: *вайн Веза Дела бен кхин цхьа а Дела вац.* ‡ 6:5 Маттай 22:37; Марк 12:30; Лака 10:27. ‡† 6:6-9 Карлабаькkхинарг 11:18-20. ‡‡ 6:10 а: Доладалар 12:7; б: Доладалар 26:3; в: Доладалар 28:13. ‡‡† 6:13 Маттай 4:10; Лака 4:8. ‡‡‡ 6:16 а: Маттай 4:7; Лака 4:12; б: Арадаккхар 17:1-7.

§ 7:1 Векалийн 13:19. §† 7:5 Карлабаькkхинарг 12:3. §†† 7:6 Арадаккхар 19:5; Карлабаькkхинарг 4:20; 14:2; 26:18; Тите 2:14; 1 Кипин 2:9.

7 Везачу Эло хьо Шен деган лаам бар а, хьо
харжар а массо а халкъел хьо дукха долу дела
дацара – хьо массо а халкъел жима халкъ ма ду, –
8 Везачу Элана хьо деза дела а, Цо шун дайшна
делла *ваІда* лардо дела а хаьржина дара. И бахьана
долуш Везачу Эло хьо, ондачу куьйгаца лоллин цІа
чуьра ара а даьккхина, Мисар-мехкан паччахь
волчу пирІунан карара паргІатдаьккхина.
9 †Цундела хаалаш, исраилхой, шун, Веза Дела бен,
бакъволу Дела вац. Иза тешаме Дела ву, Цо Шен
безаман барт ларбо Ша везачаьрца а, Шен
весеташ кхочушдечаьрца а церан эзар тІаьхьенна
тІекхаччалц. 10 Амма Ша ца везачарна доггІург Цо
дийр ду, уьш хІаллак а беш. Иза хьелур вац, Ша ца
везачунна хІоранна шена-шена догІу таІзар дан.
11 Цундела Ас тахана кхочушдан шайна тІедехкина
долу весеташ а, парзаш а, хьехамаш а ларбелаш».

## МуьтІахь хиларна декъалдарш

(Карлабаькххинарг 28:1-14)

12 ††«Нагахь санна аша оцу хьехамашка ладогІахь,
уьш ларбахь, кхочушбахь, тІаккха шун Везачу Дала,
Ша шун дайшка ваІда дина ма-хиллара, Ша шуьца
бина безаман барт ларбийр бу. 13 Шу дезар а ду, шу
декъал а дийр ду, шу доьбуьйтур а ду Цо. Шун
кийрахь верг а декъалвийр ву, шун латто луш дерг
– ялта а, чагІар а, зайтдаьтта а – декъалдийр ду,
шун бежанийн эсий а, жийн Іахарий а декъалдийр
ду Цо шун дайшка шуна лур ду аьллачу лаьтта
тІехь. 14 Массо а халкъел декъалдина долу халкъ
хир ду шун халкъ. Шун халкъана юкъахь хир вац
бер ца хуьлу стаг, берах ца хуьлу зуда, шун
даьхнина юкъахь а хир дац иштта дерг. 15 Везачу
Эло лардийр ду халкъ массо а цамгарх. Мисар-
махкахь шуна девзина долу цхьа а луьра ун
кхоьтуьйтур дац шух, амма шу ца дезачарна
массарна тІе далор ду иза. 16 Шун Везачу Дала
шайн кара дІалуш долу массо а халкъаш аша
хІаллакдан деза. Царах къинхетам а ма белаш,
церан деланашна гІуллакх а ма делаш, хІунда
аьлча уьш шуна дІахІиттийна йолу речІанаш хир
ю.
17 Нагахь санна: „И къаьмнаш тхол дукха ду, оха
муха дохур ду уьш ара?“ – аьлла, шун даг чу дожахь,
18 ма кхералаш царах, амма дагадаийталаш шун
Везачу Дала пирІунна а, берриг а мисархошна а
динарг. 19 Дагадаийталаш шайн бІаьргашца шуна
гина болу Дала бахкийтина баккхий баланаш а,
билгалонаш а, тамашийна гІуллакхаш а, шун
Везачу Дала Шен ондачу куьйгаца, дІакховдийначу
пхьаьрсаца шу арадахар а. Изза дийр ду шун
Везачу Дала шу кхоьруш долчу массо а халкъашна.
20 Шун Везачу Дала царна бумбареш тІехоьцур ю,
шух дІалечкъаш болу дийна биснарш
хІаллакьхиллалц. 21 Ма кхера царах, хІунда аьлча
шуна юкъахь волу шун Веза Дела – сийлахь а,
ларамах бузуьйтуш волу а Дела ву. 22 Шун Везачу
Дала и халкъаш кІез-кІезиг шуна хьалхара
дІалохкур ду. И халкъаш цхьана хеннахь хІаллак ма
делаш, аренашкара акхарой ца дебийтархьама.
23 Амма шун Везачу Дала шун кара дІалур бу уьш.
Царна тІе боккха кхерам боссор бу, уьш
хІаллакбина бовллалц. 24 Церан паччахьаш а лур бу
шун кара. Аша церан цІераш стигал кІелара а
дІайойур ю. Цхьа а шуна дуьхьал латталур вац, аша
уьш хІаллакбина бовллалц. 25 Церан цІу-деланаш
цІергахь багабелаш. Царна тІехь долу деши я дети
схьаэцар шайн дегнаш чу ма дожийталаш, шайна
царах речІанаш ца хилийтархьама, хІунда аьлча
иза шун Везачу Далла дегаза хета. 26 Шайн цІенош
чу а ма балабелаш и дегаза цІуш, уьш санна
кхоччуш дакъазадаха шаьш дІакъастийна ца
хилийтархьама. Царах даша а ма даша, уьш уггар
дегаза а хета, хІунда аьлча уьш кхоччуш
дакъазадаха лерина Везачу Элана дІакъастийна
хІуманаш ду».

## Везачу Эло Шен халкъана луш долчу лаьттах лаьцна

8 «Ас тахана шайна деш долу весеташ леррина
кхочушделаш, шаьш дийна хилархьама а,
дебийтархьама а, дІа а дахана, шун дайшка Везачу
Дала, *ваІда* а деш, лур ду аьлла долу и латта шайн
дола даккхархьама а. 2 Дагахь латтабелаш, яьссачу
аренгахула хІокху шовзткъа шарахь шун Везачу
Дала шуьга байтина болу массо а некъ. Цо шуьга и
некъ байтина, шайн кІезигаллина шу
къардалийтархьама а, шу зерхьама а, шун даг чохь
хІун ду хаархьама а. Цунна хаа лаьара, аша Шен
весеташ лардийр дуйла я доцийла. 3 ‡Цо шу шаьш-
шайна кІезиг хоьтуьйтуш къардалийтира, мацалла
хІоттийна, гІелдира, стигалара манна олу кхача
белира шуна, шуна а, шун дайшна а хІун ю а хиьна
йоцу. Иза дира Цо шуна дІагайтархьама, адам
деккъа цхьана баьпках дехаш доцийла, амма
Везачу Элан багара схьадолучу хІора дашца дехаш
дуйла. 4 Шун бедарш шуна тІехь тиш ца лора, оцу
шовзткъа шарахь шун когаш ца бестара. 5 Шайн
дагахь хилийталаш, шун Везачу Дала, дас шен
кІант санна, шу Іамош дуйла а, нисдеш дуйла а.
6 Цундела шайн Везачу Делан весеташ ларделаш,
Цуьнан некъашца а лелалаш, Цуьнга ларамах
дуьзна а хуьлуш. 7 Шун Везачу Дала шу беркатечу
лаьтта тІе дІадуьгуш ду. Оцу лаьтта тІехь татолаш,
Іемаш а, шовданаш а ду, тогІешкара а,
лаьмнашкара а схьадуьйлуш долу. 8 Оцу лаьтта
тІехь кІа а, мукх а, кемсийн таьллангаш а,
инжирийн а, нарийн а дитташ а, *зайт-дитташ* а, моз
а ду. 9 Оцу лаьтта тІехь цхьа а эшам ца хаалуш, аша
шайн бепиг а дуур ду, цхьана а хІуманна тІехь
эшаме а хир дац шу. Оцу лаьттарчу тархаш чохь
эчиг ду, ткъа оцу лаьттан лаьмнаш чуьра аша

† *7:9, 10 Арадаккхар 20:5, 6; 34:6, 7; Лелар 14:18; Карлабаькххинарг 5:9, 10.* †† *7:12-16 Карлабаькххинарг 11:13-17.*

‡ *8:3 Маттай 4:4; Лака 4:4.*

цIаста доккхур ду. [10] Ткъа шаьш йиина а девлла,
дуьзча, Цо шуна делла долчу токхечу лаьттана
шайн Везачу Далла хастам белаш».

### Дела вицварх ларваларх лаьцна

[11] †«Ларлолаш, тахана ас шайна тIедуьллуш долу
Цуьнан весеташ, Цуьнан тIедехкинарш, Цуьнан
парзаш кхочуш а ца деш, шайн Веза Дела вицварх.
[12] Юуш шаьш дуьзча, шайна дика цIенош а дина,
царна чохь шу даха хевшича, [13] шайн даккхий а,
кегий а бежанаш дебаш хилча, шайн деши а, дети
а алсамдолуш хилча, шайн массо а долахь дерг
совдолуш хилча, [14] варелаш, шайн дегнаш кура а
ма довлийталаш а, лоллин цIа долчу Мисар-
махкара шу арадаьхна волу шун Веза Дела виц а
ма велаш. [15] Чохь дIаьвше лаьхьарчий болу а, сту
лоцу гезгаш йолу а, екъа а, хи доцуш йолу а,
йоккхачу, къемате кхерамечу а яьссачу аренгахула
шу чекхдаьхнарг Иза вара. Шуна мокхазан тархана
чуьра хин хьоста даьккхинарг а Веза Эла вара. [16] Цо
шуна яьссачу аренгахь манна олу кхача баабора,
шуна а, шун дайшна а хIун ю а хиъна йоцу, шайн
кIезигаллина шу къардалийтархьама а, шу
зерхьама а, тIаьхьа шуна дика дархьама а, [17] „Тхан-
тхайн ницкъо а, тхан куьйгийн ондалло а
карадаийтина тхуна хIара хьал“, – аьлла, шун даг чу
ца дожийтархьама. [18] Амма аша шайн дегнаш чохь
латтавелаш шайн Веза Дела, хIунда аьлча шун хьал
хилийта шуна ницкъ луш верг Иза ву. Иза иштта
лела, ваIда а дина, шун дайшца Ша бина барт,
таханлерчу денна ма-барра, чIагIбархьама.
[19] Нагахь санна шу, шайн Веза Дела виц а вина,
кхечу деланашна тIаьхьахIиттахь, царна Iибадат а
деш, царна Iамал а еш, шу лелахь, ас тахана
тоьшалла до, шу хIаллакьхир ду аьлла. [20] Везачу
Эло шуна хьалхара хIаллакдеш дIадоху халкъаш
санна, хIаллакдийр ду шу, шайн Везачу Делан озе
ла ца дугIу дела».

### Везачу Эло Исраилан халкъана гIо хIунда до

9 «ЛадогIа, исраилхой: шу хIинца Йордан-хина
дехьадовла дохкуш ду, стигал хьалаккхаччал
лекха чIагIонаш чохь йолу яккхий гIаланаш йолу а,
шун халкъал дукха долу а, ницкъ болу а халкъаш
долу латта шайн дола даккхархьама. [2] Оцу лаьттан
халкъашна юкъахь ницкъ болу а, доккха дегI долу
а Iаьнакхахой бу. Царах лаьцна шуна хууш а ду,
хезна а ду иштта олуш: „Мила ву Iаьнакхахошна
дуьхьал латталур волуш?“ [3] Ткъа хIинца хаа ду
шуна: шун Веза Дела ву шуна хьалхаваьлла, цIеро
санна, дерриг а дIакхоллург волу. Цо уьш хIаллак а
бина, шуна хьалха охьабохкур бу. Аш уьш сихха дIа
а лохкур бу, хIаллак а бийр бу, Везачу Эло шайга
ма-аллара.
[4] Шун Везачу Дала шуна хьалхара уьш
дIалаьхкинчул тIаьхьа, шайн дегнашкахь иштта ма
алалаш: „Тхо Шен лаамехь хилла дела, Везачу Эло
кхуза схьадалийна, хIара латта тхайн дола даккха“.
ХIан-хIан, оцу халкъийн хьараме лелар бахьана
долуш, Везачу Эло шуна хьалхара дIалохкур ду
уьш. [5] Шун *Делан лаамехь хилар* я шун догцIеналла
бахьана доцуш, и латта шайн дола даккхархьама,
доьлхуш ду шу. ХIан-хIан, оцу халкъийн Iесалла
бахьана долуш, шун Везачу Дала уьш шуна
хьалхара дIалохкур ду, Ша шун дайшка, –
ИбрахIиме, Исхьакхе, Якъубе – *ваIда* деш делла
дош кхочушдархьама. [6] Хаалаш, шу Делан лаамехь
хиларна кара ца доуьйту шуна шун Везачу Дала и
беркате латта, хIунда аьлча шу юхахьара халкъ ду».

### Исраилхоша дашо эса дар

[7] «Дагахь латтаделаш, цкъа а диц ма делаш, мел
дукха оьгIазъоьхуьйтура аша шайн Веза Дела
яьссачу аренгахь. Мисар-махкара арадевллачу
дийнахь дуьйна шаьш хIокху метте схьакхаччалц
Везачу Элана дуьхьалдевлла лелара шу. [8] Аша
Хьариб-ломахь а оьгIазвахийтира Веза Эла. Иза шу
цигахь хIаллакдина дIадаххал дарвеллера.
[9] ††Везачу Эло шуьца бина барт тIеязбина йолу
тIулган экъанаш схьаэца со лам тIе хьалаваьлча, ас
цигахь шовзткъа де-буьйса даьккхира, бепиг а ца
дууш, хи а ца молуш. [10] Везачу Эло Шен куьйга йоза
тIеяздина йолу тIулган ши экъа елира соьга. Оцу
экъанаш тIехь яздина дара Везачу Эло гулам болчу
дийнахь богучу ломан цIерана юккъера шуьга схьа
мел аьлла дешнаш. [11] Шовзткъа де-буьйса
дIадаьлча, Везачу Эло соьга схьаелира тIулган ши
экъа, бартбаран экъанаш.
[12] Везачу Эло соьга иштта элира: „ХьалагIатта,
дIавала кхузара, ломара охьавосса. Мисар-махкара
ахь арадаьккхина долу хьан халкъ дукха телхина
ду. ХIинцале а дIабевлла уьш Ас шайна весет динчу
новкъа тIера, шайна лалийна *цIу* а вина“.
[13] Везачу Эло кхин а иштта элира соьга: „Ас тидам
бира оцу халкъан – иза аьрха халкъ ма ду! [14] Ма
сецаве Со. Ас хIаллакдийр ду и халкъ, Ас цуьнан цIе
дуьнен тIера а дIайойур ю, ткъа хьох цул доккха а,
цул ницкъ болу а халкъ кхуллур ду Ас“.
[15] Со, юха а вирзина, лам тIера чувоьссира, иза
цIерах богуш болчу хенахь. Бартбаран ши экъа сан
карахь яра. [16] ДIахьаьжча, суна гира шайн Везачу
Далла дуьхьал аш къа латийна хилар, старгIин
сибатехь шайна лалийна цIу а вина. Шу сиха
дIадевллера Везачу Эло шуна дIакхехьа динчу
весетан некъа тIера. [17] Ас и ший а экъа, схьа а эцна,
сайн карара лаьттах а тоьхна, шун бIаьргашна
хьалха йохийра».

### Исраилхошна тIера Мусас доIа дар

[18] «Везачу Элана суждане а вахана, хьалха санна
шовзткъа де-буьйса даьккхира ас. Со юуш а, молуш
а вацара, аша летийна къинош бахьана долуш.

† *8:11-16 ХIушаI 13:5, 6.*

†† *9:9 Арадаккхар 24:18.*

Уьш а летийна, шайн Везачу Далла хьалха вон а
дина аша, Иза оьгIаз а вахийтина аша. 19 †Со
кхоьрура Везачу Элан оьгIазлонах а, дераллах а,
хIунда аьлча шу хIаллакдаллал чIогIа
оьгIазваханера Иза. Амма Цо юха а ладуьйгIира
соьга. 20 АхIаронна а чIогIа оьгIазвахнера Веза Эла,
иза хIаллакваллал, амма ас оццу хенахь АхIаронна
тIера а доIанаш дира. 21 Ткъа аша дина къилахь
хIума, старгIин и сурт, схьа а эцна, цIергахь
дагийра ас. ТIаккха иза йоха а йина, хьаша а
хьаьшна, чан санна, ата а аьтта, лам тIера
охьаоьхучу хи чу тесира ас.
22 ††ТабIерехь, Массехь, Кхиброт-ХIатаъвуэхь аша
кхин а оьгIазъоьхуьйтура Веза Эла. 23 ‡Ткъа Везачу
Эло: „Дуьйло, схьадаккха Ас шуна луш долу латта“, –
аьлла, шу Кхадеш-БарнаьIера дохуьйтучу хенахь,
шу дуьхьалдевллера шайн Везачу Делан омранна,
шу Цунах ца тийшира, аша Цуьнан озе ла ца
дуьйгIира. 24 Шу суна девзинчу дийнахь дуьйна
аьрха лелара Везачу Элана хьалха.
25 Иштта, Везачу Элана хьалха суждане а вахана,
шовзткъа де-буьйса даькkхира ас, хIунда аьлча
Везачу Эло аьллера, Ша шу хIаллакдийр ду.
26 ДоIанна тIехь ас Везачу Эле иштта элира:
„Хьалдолу Эла, хIаллак ма дехьа Хьайн халкъ,
Хьайн долахь дерг, Ахь Хьайн сийлаллица паргIат а
даькkхина, Хьайн ондачу куьйгаца Мисар-махкара
арадаькkхина долу. 27 Дагабахкийтахьа Хьан ялхой
болу ИбрахIим а, Исхьакх а, Якъуб а. Ма хьежахьа
хIокху халкъан аьрха хиларе, цуьнан Iесалле,
цуьнан къиношка. 28 Дехьа иштта, Ахь тхо
арадаьхначу латта тIехь бехачаьрга ца
алийтархьама: ‘Везачу Эло дуьгийла а дацара и
халкъ Ша лур ду аьллачу латта тIе. Цо и халкъ
Шена ца деза дела арадаькkхина, яьссачу аренгахь
иза хIаллакдархьама’. 29 Ткъа иза Хьан халкъ а,
Хьан долахь дерг а ду, Ахь Хьайн ондачу ницкъаца
а, дIакховдийначу пхьаьрсаца а Мисар-махкара
арадаькkхина долу“».

### Делера болу итт хьехам шолгIа схьаэцар

(Арадаккхар 34:1-10)

10 «Оцу хенахь Везачу Эло соьга иштта элира:
„Хьалха йиначарах тера а йолуш, тIулган
керла экъанаш ага хьайна. Дечигах царна тIорказ а
дай, Со волчу лам тIе хьалавала. 2 Оцу экъанаш
тIехь ахьа йохийначу шина экъанна тIехь хилла
дешнаш яздийр ду Аса, ткъа ахь уьш тIорказ чу
охьаяхка“.
3 ТIаккха акаци олучу дечигах ас тIорказ а дира,
хьалхалернаш санна йолу ши экъа а йира. И ши
экъа карахь а йолуш, со лам тIе велира. 4 Везачу
Эло, Ша хьалха лам тIехь гуламан дийнахь цIеран
юккъера схьааьлла болу итт хьехам оцу экъанаш
тIе дIа а язбина, уьш соьга схьаелира. 5 ТIаккха, лам
тIера юха а вирзина, Везачу Эло сайна тIе-ма-
диллара, айса динчу тIорказ чу ехкира аса и
экъанаш. Уьш хIинцца а цигахь ю».
6 ( ‡‡Исраилхой Баировт-Баней-ЯIакханера гIунаш
тIера Мосире дIабахара. АхIарон дIакхелхира, иза
цигахь дIавоьллира. Цуьнан метта *динан да*
дIахIоьттира цуьнан кIант ЭлиIазар. 7 Эццара уьш
Гуди-Гуде бахара, ткъа цу тIера – Ютбате. Иза хиш
долу латта дара. 8 ‡‡ХIетахь Везачу Эло Левин тайпа
дIакъастийра, цуьнга Везачу Элаца динчу бертан
тIорказ дIасалеладайтархьама а, Везачу Элана
хьалха гIуллакх дайтархьама а, Цуьнан цIарах
декъалдарш дIакхайкхадайтархьама а. Таханлерчу
дийне схьакхаччалц иза хIинца а иштта схьадогIуш
ду. 9 Цундела шайн вежарийн долчух лаьттан дакъа
дац левихойн, церан долахь латта а дац. Лаьттан
декъан метта Веза Эла ву церан, цаьрга хьан
Везачу Дала дIа-ма-аллара.)
10 ‡‡†«Хьалха санна, ас шовзткъа де-буьйса
даькkхира лам тIехь. Везачу Эло хIинца а
ладуьйгIира соьга. Цунна ца лиира исраилхой
хIаллакбан. 11 ТIаккха Везачу Эло иштта элира
соьга: „Вало, оцу халкъана хьалхавала, новкъа
баха уьш, церан дайшна Ас чIагIо еш лур ду аьлла
долу латта шайн дола даккхийтархьама“».

### Везачу Элан омранаш

12 «Исраилан халкъ, хIун лаьа те хьан Везачу
Далла хьоьгара? Цунна лаьа хьайн Везачу Деле бен
ларамах хьо вуьзна ца хилар, Цуьнан некъашца
хьо лелар, Иза хьуна везар, хьан Везачу Далла ахь
гIуллакх дар даггара а, доллучу хьайн синца а
хилар. 13 Цунна лаьа ас тахана хьайна тIедуьллуш
долу Везачу Элан весеташ а, парзаш а ахь лардар,
хьуна дика хилийтархьама. 14 Хьан Везачу Делан ю
стигал а, уггар лакхара стигалш а, латта а, цунна
тIехь мел дерг а. 15 Хьан дайшна тIе бен ца
хьажийна Везачу Эло уьш безаран Шен лаам.
Дерриг а халкъашна юкъара Цо шу, церан тIаьхье
ерш, хаьржира. Тахана а иштта ма ду иза. 16 Шайн
дегнийн дуьхьлара пардо дIахададейша, ма
хилийша кхин дIа а юхахьара. 17 ‡‡‡Хьан Веза Дела –
деланийн Дела а, олахойн Олахо а ву. Иза сийлахь
а, нуьцкъала а, ларамах вузуьйту Дела а ву. Цо
озабезамаш ца бо, Цо кхаьънаш а ца ийдо. 18 Цо
ларйо байлахь болчеран а, бисинчу зударийн а
бакъонаш. Цунна тIевеанарг а веза, Цо даа-мала а,
тIедуху хIума а ло цунна. 19 Везалаш шаьш долчохь
ваха хиъна волу тIевеана стаг, хIунда аьлча шу
шаьш а ма дара тIедаьхкинарш Мисар-махкахь.
20 Шайн Везачу Деле ларамах дуьзна хилалаш,
Цунна цхьанна гIуллакх делаш. Цуьнгахьа дирзина
хилалаш, Цуьнан цIарах бен дуйнаш ма баалаш.

† *9:19 Iебархошка 12:21.* †† *9:22 а: Лелар 11:3; б: Арадаккхар 17:7; в: Лелар 11:34.* ‡ *9:23 а: Лелар 13:18; б: Карлабаькkхинарг 1:21; в: Лелар 13:32; Карлабаькkхинарг 1:26; Iебархошка 3:16.*

‡† *10:6 Лелар 20:28; 33:38.* ‡‡ *10:8 Лелар 3:5-8.* ‡‡† *10:10 Арадаккхар 34:28.* ‡‡‡ *10:17 1 Тимапига 6:15; Довзийтинарг 17:14; 19:16; Векалийн 10:34; Римхошка 2:11; Галатахошка 2:6; Эпасхошка 6:9.*

21 Шайн хастамаш Цунна дӀало. Иза шун Дела ву.
Шун бӀаьргашна гина долу и сийлахь долу а,
ларамах дузуьйтуш долу а гӀуллакхаш шуна дина
волу Дела ву Иза. 22 †Шун дай Мисар-махка
баьхкинчу хенахь, уьш кхузткъе итт стаг бен
вацара, ткъа хӀинца шун Везачу Дала, стигалара
седарчий санна, алсамдаьхна шу».

### Делан сийлахьалла диц ца дайта беш болу хьехам

11 «Иштта, шайн Веза Дела везалаш. Ларделаш
Цо шайна лардан тӀедиллинарг а, Цуьнан
парзаш а, тӀедехкинарш а, весеташ а массо а
деношкахь. 2 Дагадаийта шайна, со шун берашка
вистхуьлуш воцийла. Царна хиъна а дац Везачу
Дала шу нисдинийла, царна гина а дац Цуьнан
возалла, Цуьнан онда куьг, Цуьнан схьакховдийна
пхьарс, 3 ††Цуьнан тамашийна билгалонаш, Цуьнан
гӀуллакхаш, Цо Мисар-мехкан паччахь волчу
пирӀунна а, цуьнан халкъана а дина долу. 4 ‡Шун
берашна ца гина Цо мисархойн эскарх, говрех,
гӀудалкхех динарг. Уьш ерриш а Эрзийн хӀорда
чохь дӀахьулйинера Цо, уьш шуна тӀаьхьабевллачу
хенахь. Таханлерчу денна тӀекхаччалц Везачу Эло
уьш хӀаллакбина латтийра. 5 Шу хӀокху метте
схьакхаччалц, Цо шуна яьссачу аренгахь динарг
шун берашна ца гина. 6 ‡†Раабанхочун Элиабан
кӀенташна Датанна а, Абирамна а динарг шун
берашна ца гина. ХӀетахь, латта дӀаса а
декъаделла, уьш берриш а Исраилан халкъана
юкъара лаьтто дӀаийцира: церан доьзалш а, церан
четарш а, церан мел хилла болу бахам а. 7 Везачу
Эло мел дина долу сийлахь гӀуллакхаш гинарш шун
бӀаьргаш бара».

### Халкъана кхочун долчу лаьтта тӀехь Дала лун долу дика

8 «Шу Йордан-хина дехьадевлча, тахана ас шайна
тӀедуьллуш долу Делан дерриг а весеташ
ларделаш, цигара долу латта, чу а гӀоьртина, шайн
дола даккхал ницкъ шайн хилийтархьама. 9 Везачу
Эло, чӀагӀо а йина, шун дайшна а, церан тӀаьхьенна
а лур ду аьллачу, шуьрех а, мазах а дуьзначу
токхечу оцу лаьтта тӀехь дехха дахар шун
хилийтархьама, ларделаш и весеташ. 10 Шайна
схьадаккха шу тӀедоьлху и латта шу арадевллачу
Мисар-мехкан лаьттах тера дац. Цигахь аша, хӀуш
тесначул тӀаьхьа, лаьттана, хасстоьмийн бешана
санна, шайн куьйгийн ницкъаца хиш дохкура.
11 Ткъа шу шайн дола даккха тӀедоьлху и латта
лаьмнаш а, тогӀеш а йолуш ду. Оцу лаьтто
стигаларчу догӀанийн хи молу. 12 Шун Везачу Дала
гӀайгӀа еш долчу оцу лаьтта тӀехь даим бу шун
Везачу Делан бӀаьргаш: шеран коьртера дуьйна
схьа и шо чекхдаллалц.
13 ‡‡Тахана шайга деш долчу Сан весеташка аша
леррина ладогӀахь, – шайн Веза Дела шуна везахь,
Цунна даггара а, мел долчу синца а аша гӀуллакх
дахь, – 14 Ас шун лаьттана шен-шен хенахь догӀа
лур ду, хьалхе догӀург а, тӀаьхьо догӀург а. ТӀаккха
аша шайн ялта а схьагулдийр ду, шайн чагӀар а,
шайн зайтдаьтта а доккхур ду. 15 Ас шун
аренашкахь шун бежанашна буц лур ю, тӀаккха
юуш а, дузуш а дехар ду шу. 16 Варелаш, ларлолаш,
шайн дегнаш Ӏеха ма далийталаш, Везачу Элах дӀа
а дирзина, кхечу деланашна гӀуллакх а деш,
Ӏибадат а деш дӀахӀиттарх. 17 ТӀаккха Везачу Элан
оьгӀазалла, яьлла цӀе санна, шуна дуьхьал ер ю, Цо
стигал дӀакъовлур ю, догӀа цигара ца
даийтархьама. Цундела лаьтто шен ялта лур дац.
ТӀаккха шун Везачу Эло шуна луш долчу дикачу
лаьтта тӀехь шу кестта хӀаллакьхир ду.
18 ‡‡†Цундела хӀара сан дешнаш шайн дегнаш чу а,
синош чу а дӀадахка, дӀаяздина долу и дешнаш
шайн куьйгаш а, хьаьжнаш а тӀе дӀадехка, уьш
дагадаийтархьама. 19 Шайн кӀенташна хьеха уьш,
дийца царах лаьцна шайн цӀенош чохь хевшина
Ӏаш а, шаьш некъ беш а, шаьш дӀадуьйшуш а,
хьалагӀовттуш а. 20 ДӀаязде уьш шайн неӀсагӀанаш
тӀе, шайн кевнаш тӀе, 21 Везачу Эло шун дайшна
дӀабала чӀагӀо йинчу махкахь шун а, шун берийн а
дахаран денош шортта хилийтархьама. Лаьтта
тӀехула стигал мел хуьлу дехар ду шу цигахь.
22 Нагахь санна Ас шуьга кхочушдайта деш долу и
дерриг а весеташ аша лардахь, – шайн Веза Дела
шуна везахь, Цуьнан массо а некъашца шу лелахь,
Цуьнгахьа дирзина шу хилахь, – 23 Везачу Эло и
дерриге а халкъаш шуна хьалхара дӀалохкур ду,
тӀаккха шун халкъал дукха долчу а, ницкъ болчу а
халкъийн латта шайн дола доккхур ду аша. 24 ‡‡‡Аш
ког мел баькхина латта шун хир ду. Яьссачу
аренгара Ливанун-махкана тӀекхаччалц, Эпрат-
хина тӀера Дуьненаюккъерачу хӀорда тӀе кхаччалц
хир ду шун дозанаш. 25 Цхьа а латталур вац шуна
дуьхьал: шун Везачу Дала, Ша чӀагӀо ма-ярра, аша
ког мел баькхина долчу муьлххачу а лаьттана
кхерам тосур бу, уьш, кхоьруш, бегор бу.
26 Хьажал, тахана ас шуьга харжам бойту: Дала шу
декъалдар я шуна неӀалт кхайкхор. 27 Нагахь санна
тахана ас деш долчу шун Везачу Делан весеташка
аша ладогӀахь, шу декъалдина хир ду. 28 Нагахь
санна аша шайн Везачу Делан весеташка ла ца
догӀахь, тахана ас весет деш болчу некъа тӀера шу
дӀадерзахь, хьалхе шайна бевзаш боцучу кхечу
деланашна тӀаьхьа шу хӀиттахь, шуна неӀалт
кхайкхор ду. 29 §Шун Везачу Дала шайн дола даккха
тӀедуьгучу лаьтта тӀе шу далийча, Герзим-лам тӀера
декъалдаран дешнаш дӀаала, ткъа Ӏейбал-лам тӀера
неӀалт кхайкхоран дешнаш дӀаала. 30 (Уьш Йордан-
хина дехьа бу, коьртачу некъана малхбузехьа,

---

† 10:22 а: Доладалар 46:27; б: Доладалар 15:5; 22:17. †† 11:3 Арадаккхар 7:8–12:13. ‡ 11:4 Арадаккхар 14:28. ‡† 11:6 Лелар 16:31, 32.

‡‡ 11:13-17 Ӏамалъяр 26:3-5; Карлабаькххинарг 7:12-16; 28:1-14. ‡‡† 11:18-20 Карлабаькххинарг 6:6-9. ‡‡‡ 11:24, 25 ЮшаӀ 1:3-5. § 11:29 Карлабаькххинарг 27:11-14; ЮшаӀ 8:33-35.

МорахI олучу ножан дитташна уллохь, *Iариба-тогIи*
чохь бехачу канаIанхойн латта тIехь йолчу Галгал-
гIалина юххехь.) [31] Шун Везачу Дала шуна дIалуш
долу латта шайн дола даккхархьама, шу кестта
Йордан-хина дехьадевр ду. И латта схьа а лаьцна,
шу оцу тIехь дехар долчу хенахь, [32] тахана ас шайга
дIакховдош долу Цуьнан массо а парзаш а,
тIедехкинарш а леррина кхочушделаш».

## Iибадат деш цхьа меттиг хила езарх лаьцна

12 «ХIорш ду шун дайн Дела волчу Везачу Эло
шуна дIалуш долчу лаьтта тIехь шу мел деха
шуьга кхочушдайта делла парзаш а, тIедехкинарш
а. [2] Аша дIалохкуш долчу халкъаша шайн
деланашна Iамал еш йолу ерриге а меттигаш –
лекхачу лаьмнаш тIера, баьрзнаш тIера, муьлххачу
а дIасадаьржина гаьннаш долчу диттана кIелара –
йохаяй дIаяха. [3] †Церан сагIа доккху меттигаш
йохаелаш, харцделанашна хIиттийна церан
тIулгаш аталаш, Ашера-далла лерина долу церан
дечиган бIогIамаш дагаде, церан *цIу-деланаш*
дIахедабелаш, оцу харцделанийн цIераш а
дIаяхалаш оцу меттера.
[4] Оцу халкъаша харцделанашна Iибадат даре
терра шайн Везачу Далла Iибадат ма делаш. [5] Ткъа
Шен цIе йоккхуьйтур йолчу а, шайн Везачу Дала
шайн массо а тайпанийн меттигашна юкъахь
схьакъастор йолчу а меттигна шу тIе а дерза, цига
а дуьйла. [6] Цигахь даха шайн дийнаташ дагоран
сагIанаш а, кхидолу сагIанаш а, шайна са
йоккхучух луш долу уьтталгIа дакъа а, шайн
совгIаташ а, шаьш йинчу чIагIонца а, шайн лаамца
а луш долу сагIанаш а, шайн бежанех схьадевлла
долу дуьххьарлера эсий а, иштта уьстагIех
схьадевлла долу дуьххьарлера Iахарий а даладе цу
метте. [7] Цигахь шайн Везачу Далла хьалха яа а яа,
иштта шу а, шун доьзалш а шайн куьйгашца шаьш
дина долчу массо а хIуманах а, шайн Везачу Дала
шу декъалдарх а самукъадолуш а хила.
[8] Аша цигахь, оха кхузахь хIинца ма-дарра, дан ца
деза и дерриге а. ХIинццалц шух хIораммо а шена-
шена нийса хетачу кепара сагIанаш дохура. [9] Шу
цкъа хIинца а паргIато йолчу а, шун Везачу Дала
шайна кхочуьйтучу лаьтта тIе ма ца девлла. [10] Ткъа
Йордан-хина дехьа а девлла, шун Везачу Дала
шайн дола доккхуш долчу декъа тIехь шу даха
хевшича, шуна го бинчу массо а мостагIех Цо, шу
паргIат а даьхна, шуна синтем бича, шу кхерам
боцуш дехар ду. [11] ТIаккха схьадалаш шайн Везачу
Далла Ша Iайтархьама схьахаржор йолчу меттиге
ас шайна весет дина долу дерриге а: дийнаташ
дагоран шайн сагIанаш а, шайн кхидолу сагIанаш
а, шайна йолучу санан уьтталгIа дакъош а, шайн
совгIаташ а, иштта шайн Везачу Далла, *ваIда* а
деш, шаьш йинчу чIагIонца къастийна мел дерг а.
[12] Цигахь самукъане даккхийде шайн Везачу Далла
хьалха – шу а, шун кIентий а, шун йоIарий а, шун
леш а, гIарбашаш а, иштта шайн гIаланашкахь Iаш
болу левихой а (шуна санна царна лаьттан дакъа
ца кхочу, церан долахь латта хир дац). [13] Ларлолаш,
шайна гинчу муьлххачу а меттехь шайн дийнаташ
дагоран сагIанаш дахарх. [14] Мелхо а, Везачу Эло
шун тайпанийн латтанашна юкъара
схьакъастийначу меттехь бен дийнаташ дагоран
сагIанаш бен ма дахалаш, ткъа ас шуна тIе мел
диллинарг цигахь бен кхочуш ма делаш.
[15] Вуьшта-м, шу мел дехачу гIаланашкахь шайн
бежанашна урс хьакха мегар ду шуна. Шун Везачу
Дала шу декъалдаре хьаьжжина, церан жижиг даа
мегар ду шуна. Далла хьалха цIена волчунна а,
цIена воцчунна а даа мегар ду иза, масаран а, сен а
жижиг санна. [16] ††Амма, варелаш, дийнатийн цIийца
долу дилха ма даалаш, хи санна, лаьтта тIе
дIаIанаделаш иза. [17] Шайн Iаш йолчу меттигашкахь
даа мегар дац шайн кIен а, керлачу чагIаран а,
зайтдаьттан а Далла луш долу уьтталгIа дакъа а,
шун бежанех схьадевлла долу дуьххьарлера эсий а,
шун уьстагIех схьадевлла долу дуьххьарлера
Iахарий а, ваIданца аша Далла лун мел йолу хIума
а, шайн лаамца дIалуш долу сагIанаш а, Далла
лерина кхидолу шун совгIаташ а. [18] Амма иза шун
Везачу Далла хьалха бен ма яалаш, шун Везачу
Дала схьакъастор йолчу меттехь – аша а, шун
кIенташа а, шун мехкарша а, шун леша а, шун
гIарбашаша а, шун гIаланашкахь Iаш волчу
левихоша а. Даккхийде шайн Везачу Далла хьалха
шун куьйгаша мел динарг бахьана долуш.
[19] Варелаш, шайн лаьтта тIехь шу мел деха,
левихой дIа ма татталаш.
[20] Шун Везачу Дала, Ша шуьга ма-аллара, шун
дозанаш шордича, аша иштта аьлча: „Жижиг даа
лаьара тхуна“, – шайна ма-дезза жижиг даа мегар
ду. [21] Нагахь санна шун Везачу Дала Шен цIе
яккхийта схьакъастийна йолу меттиг шуна уллора
дукха гена елахь, шайна шун Везачу Дала деллачу
шайн бежанна я уьстагIна урс хьакха мегар ду, ас
тIе-ма-диллара, шу мел дехаш йолчу гIаланашкахь
шайн лаамца иза даа а мегар ду. [22] Иза масаран а,
сен а жижиг дууш санна даалаш. Далла хьалха
цIена волчо а, цIена воцучо а даа мегар ду иза шу
долчохь. [23] ‡Амма, варелаш, цIий даарх чIогIа
ларлолаш, хIунда аьлча цIий – иза са ду, жижигца
цхьаьна иза ма даалаш. [24] Ма даалаш иза, хи санна,
дIаIанаделаш иза лаьтта тIе. [25] Ма даалаш иза,
шайна а, шайн берашна а шул тIаьхьа а даим дика
хилийтархьама, хIунда аьлча оцу тайпана шайн
Везачу Делан бIаьргашна хьалха нийса дерг деш ду
аша. [26] Деккъа шайн хир долу деза хIума а, шаьш
йинчу чIагIонца дерг а дахьаш схьадуьйла шайн
Везачу Дала схьакъастор йолчу меттиге.
[27] Дийнаташ дагоран сагIанийн жижиг а, цIий а
шайн Везачу Делан сагIа доккхучу кхерчана тIехь
даха дезаш ду. Кхидолчу сагIанийн цIий хьайн

† *12:3 Карлабаьккхинарг 7:5.*

†† *12:16 Доладалар 9:4; Iамалъяр 7:26, 27; 17:10-14; 19:26; Карлабаьккхинарг 15:23.* ‡ *12:23, 24 Iамалъяр 17:10-14.*

Везачу Делан сагIа доккхучу кхерчана уллохь
дIаIано дезаш ду, ткъа оцу сагIанийн жижиг аша
даа мегар ду. 28 Хьажал, леррина кхочушде аса
шуна тIедуьллуш долу хIара дерриге а дешнаш.
Аша иза дахь, шуна а, шул тIаьхьа долчу берашна а
дика хир ду, хIунда аьлча цу тайпана, шайн Везачу
Делан бIаьргашкахь дика а, нийса а дерг деш
лелаш хир ду шу».

### ЦIушна Iамалъярх лардаларх лаьцна

29 «Шайн дола даккха шу чугIуртучу лаьтта тIера
халкъаш шун Везачу Дала дIададьхча, аша уьш
цигара дIа а лаьхкина, церан лаьтта тIехь шу даха
охьахевшича, 30 ларлолаш речIанна чу нисдаларх.
Уьш шайн хьалхара хIаллакдина дIададьхча, царна
тIаьхьа шу ма довлалаш, церан деланаш леха ма
долалолаш, ма бахалаш вовшашка: „ХIокху
халкъаша шайн деланашна гIуллакх ма-дарра, оха
а дийр ду“. 31 Шайн деланашна цара Iамал ечу
кепара шайн Везачу Далла Iамал ма елаш, хIунда
аьлча цара шайн деланашна мел дийриг Везачу
Элана дегаза хетарг а, ца дезарг а ду. Цара ур-
атталла шайн кIентий а, шайн йоIарий а, шайн
деланашна лоруш, цIергахь багабо.
32 †Ас шайга весет мел динарг кхочушдан
хьовсалаш. Цхьа а хIума тIе а ма тохалаш, дIа а ма
даккхалаш».

13 «Нагахь санна шуна юкъахь цхьа пайхамар я
цхьа гIенаш гург хаалахь, цо шуна
тамашийна билгалонаш, я инзаре хIуманаш
довзийтахь, 2 ткъа йийцина йолу тамашийна
билгалонаш а, инзаре хIуманаш а кхочуш а хилла,
цара иштта алахь: „Кхечу деланашна тIаьхьа а
хIуьттур ду вай, царна гIуллакх а дийр ду вай“, и
деланаш шуна бевзаш ца хиллехь а, – 3 ахьа оцу
пайхамаре я оцу гIенаш гуш волчуьнга ла ма
догIалахь, хIунда аьлча ишттачу хIуманашкахула
шу зуьйш ду шун Везачу Дала. Цунна хаа лаьа,
шайн Веза Дела шайн мел долчу дагца, шайн мел
долчу синца шуна везий те. 4 Шайн Везачу Далла
тIаьхьахIитталаш, Цуьнга ларамах дуьзна хилалаш.
Цуьнан весеташ ларделаш, Цуьнан озе ладогIалаш,
Цунна гIуллакх делаш, Цунна тIетовжалаш. 5 Ткъа и
пайхамар я и гIенаш гург Iожаллин кара дIало, шу
Мисар-махкара арадаьхначу а, лоллин цIийнара
паргIатдаьхначу а шайн Везачу Делах шу
дIадерзийтархьама къамелаш ишттачу наха до
дела. Ткъа царна шу галдаха ма лаьа шун Везачу
Дала весет дина болчу некъа тIера. Шайна юкъара
зулам иштта дIадаккха.
6 Хьан ваша, я хьан кIант, я хьан йоI, я хьан хьоме
зуда, я хьан доттагIа, хьуна хьайн са санна везаш
волу, къайлаха хьо леван гIорта мега: „Вало, кхечу
деланашна гIуллакх деш лелар ду вай“, – бохуш.
Делахь а, хьуна а, хьан дайшна а бевзина ца хилла
и деланаш. 7 Уьш хьуна гонах долчу, хьуна уллохь
а, генахь а долчу, дуьненан цхьана йистера вукху
йистехь долчу халкъийн деланаш хила мега. 8 Хьо
реза а ма хилалахь, цуьнга ла а ма догIалахь. Хьан
бIаьргашна цунах къа ма хетийла. Цунах
къинхетам а ма бе, иза хьул а ма ве. 9 Амма иза вей
дIаваккха. Уггар а хьалха хьан куьг хила деза цунна
тIе айина, иза верхьама. Цул тIаьхьа дерриг а
халкъан куьг хила деза цунна тIехь. 10 Цунна и
валлалц тIе тIулгаш кхисса, Мисар-махкара, лоллин
цIийнара, хьо араваьккхинчу хьан Везачу Делах
хьо дIаверзийта уьш гIерта дела. 11 Иза дIа а хезна,
Исраилан дерриг а халкъ кхералур ду. ТIаккха шуна
юкъахь иштта зулам кхин дийр дац.
12 Шун Везачу Дала шуна даха охьаховша луш
йолчу гIаланашна юкъара цхьана гIаланах лаьцна
шайна хаза там бу шуна, 13 шуна юкъара Делан
лаамехь боцу нах гучубевлла бохуш. Цара гIалин
бахархой Iехийна: „Дуьйло, кхечу деланашна
гIуллакх дийр ду вай“, – бохуш. Ткъа и деланаш
шуна ца бевза. 14 Ахь оцу хIуманах лаьцна хаттарш
де, и хIума дикка талла. Нагахь аьлларг бакъ
делахь, нагахь и дегаза дерг шуна юкъахь
баккъалла а нисделлехь, 15 оцу гIалин массо а
бахархой тур хьаькхна хIаллакбелаш. Ерриг а гIала,
Далла леринан дIа а къастийна, цуьнан
бахархошца а, бежанашца а тур хьаькхна
дакъазаяккха. 16 Ткъа гIали чохь йолу ерриге а
хIонс майданна юккъе схьагулъе. ГIала а, цуьнан
мел йолу хIонс а цIерца ягае, шун Везачу Далла
лерина долу сагIа санна. Латтийла и гIала даим
саьлнаш а хилла, цкъа а юхаметтахIоттийна хила
ца еза иза. 17 Дакъазадаккха Далла
дIакъастийначух цхьа а хIума шун куьйгех ма
хьакхалойла, Везачу Эло, Шен оьгIазалла дIа а
яьккхина, шуна Шен дика далийтархьама. Иза
иштта делахь, Цо шух къинхетам бийр бу, шу
доьбуьйтур а ду, шун дайшна Ша чIагIо ма-ярра.
18 Иштта хир ду, нагахь санна, ас хIинца деш долу
Цуьнан весеташ кхочуш а деш, Цуьнан
бIаьргашкахь нийса дерг а деш, шайн Везачу Деле
аша ладогIахь».

### Веллачунна саготта хилар

14 ††«Шу – шайн Везачу Делан бераш ду. Шайн
дегIа тIехь цхьа а чов ма елаш, шайн
хьаьжнаш тIера чоьш дIа ма дашалаш, стаг велла
дела, шайн сингаттам гайта гIерташ. 2 ‡ХIунда
аьлча хьо хьан Везачу Далла дIакъастийна деза
халкъ ду. Дуьнен тIера дерриг а халкъашна юкъара
Цо къастийна хьо, Шен долахь долу жовхIар
хилийтархьама».

### Хьаналчу а, хьарамчу а дийнатех лаьцна
(Iамалъяр 11:1-47)

3 Мусас кхидIа а элира: «Везачу Элана дегаза
хетачех цхьа а хIума ма яалаш. 4 ХIорш ду шуна даа
мегаш долу хьайбанаш: стерчий, уьстагIий,

† 12:32 Карлабаьккхинарг 4:2; Довзийтинарг 22:18, 19.

†† 14:1 Iамалъяр 19:28; 21:5. ‡ 14:2 Арадаккхар 19:5, 6; Карлабаьккхинарг 4:20; 7:6; 26:18; Тите 2:14; 1 Кипин 2:9.

гезарий, 5 сенаш, масарш, шоьккареш, хьехарий,
тайп-тайпана лунаш, акха гезарий. 6 КIоргга харш а
долуш, бергаш шина декъе екъаелла долу а, нох
дохуш долу а муьлхха а дийнат даа мегар ду.
7 Делахь а, нох доккхуш долчех я кIоргга харш а
долуш, бергаш екъаеллачех хIорш ма даалаш:
эмкалш, пхьагалш, гIамарпхьагалш. Уьш нох
доккхуш елахь а, церан бергаш екъаелла яц. Уьш
шуна хьарам ю. 8 Иштта хьакха а ю шуна хьарам.
Цуьнан бергаш екъаелла ю, амма цо нох ца доху.
Цу дийнатийн жижиг а ма даа, церан чархех куьг а
ма Iотта.
9 Хи чохь дехачу дийнатех кIеда а, онда а пелагаш
дерш даа. 10 Ткъа пелагаш доцурш ма даа: уьш
шуна хьарам ду.
11 Олхазарех а даа хьанал дерш. 12 Амма царах
долу хIорш даа мегар дац: аьрзу а, ломъаьрзу а,
боца ког болу аьрзу а, 13 шен тайпанашца маккхал
а, шен тайпанашца леча а, 14 шен тайпанашца
муьлхха къиг а, 15 страус а, бухIа а, чайка а, шен
тайпанашца куьйра а, 16 соька а, ибис а, кIайн бухIа
а, 17 пеликан а, сип а, чIерийдохург а, 18 аист а, шен
тайпанашца зуя † а, хIуттут а, бирдолаг а.
19 ТIемаш долу дерриг а сагалматаш а хьарам ду
шуна. Уьш ма даалаш. 20 Ткъа тIемаш долчу
дийнатех муьлхха а хьанал дерг даа мегаш ду.
21 ††Цхьа а къееллa йолу хIума ма яа, муьлхачу
шун гIаланашкахь вехаш волчу тIевеанчу стагана
дIало иза. Цуьнга яийта иза, я кхечу къомах
волчунна дIадохка и жижиг, хIунда аьлча хьо хьан
Везачу Делан деза халкъ ду.
Буьхьиган жижиг цуьнан ненан шури чохь ма
кхехкаде».

### Кхиийначух уьтталгIа дакъа дIадаларх лаьцна хьехам

22 ‡«ХIора шарахь шайн кхашна тIехь, хIу а тесна,
айхьа кхиийна долчух уьтталгIа дакъа дIакъастаде.
23 Шайн Везачу Далла хьалха, Ша Iайтархьама Цо
схьахоржур йолчу меттигехь, даалаш шайн ялтин,
шайн чагIаран, шайн зайтдаьттан уьтталгIа дакъа
а, шайн бежанийн дуьххьарлера эса а, шайн
уьстагIийн дуьххьарлера Iахар а. Иза де шаьш мел
деха, шайн Везачу Деле ларамах дуьзна хила
Iамархьама. 24 Нагахь санна шун Везачу Дала Шен
цIе яккхийта схьакъастор йолу меттиг гена йолу
дела, и некъ шуна беха белахь, шайн Везачу Дала
шу декъалдина хиларна уьтталгIа дакъа цига шу
дIадахьалуш дацахь, 25 и дерриге а детих хийца.
ТIаккха и дети шайн куьйга а диллий, шун Везачу
Дала схьакъастор йолчу меттиге схьадуьйла.
26 Ткъа оцу детих шайн дагна мел дезнарг схьаэца:
стерчий, уьстагIий, чагIар, кхидолу маларш, шайна
мел луург. ТIаккха цигахь, шун Везачу Далла
уллохь, и хIуманаш яа, иштта сакъералуш а хила.
27 Шайн гIаланашкахь болу левихой биц ма
белаш, хIунда аьлча церан долахь, шун санна,
шайн лаьттан дакъа дац. 28 Кхо шо хан яьлча, шаьш
кхиийна долчух уьтталгIа дакъа дерриге а дIа а
къастадай, оццу шарахь шайн гIаланашкахь
дIадилла. 29 ТIаккха левихой а (церан долахь, шун
санна, лаьттан дакъа ца хиларна), тIебаьхкина нах
а, бай а, бисина зударий а схьабахкийта, оцу
уьтталгIачу дакъойх цаьрга даийта а, бузийта а,
шун куьйгаша деш долчу муьлххачу а гIуллакхашна
тIехь шун Везачу Деле шу декъалдайтархьама».

### ВорхIалгIачу шарах лаьцна
(Iамалъяр 25:1-7)

15 «ВорхI шо чекх мосазза долу, декхарш схьа
ца дохуш дита. 2 Гечдар иштта хуьлу: шен
юххерачунна юхалург хIума елла волчу, муьлххачу
стага, и декхар шен къомах волчунна гечдан деза.
И декхар цо цуьнгара схьадехa ца деза, хIунда
аьлча Везачу Эло дIакхайкхийра, декхарш схьа ца
дохуш дита аьлла. 3 Кхечу махкара волчуьнгара
декхар схьадаккха, ткъа шайн къомах волчо шуна
дIадала дезаш долу декхар схьа ца доккхуш дита.
4 Делахь а, шуна юкъахь мисканиг хила ца веза,
хIунда аьлча шун Везачу Дала шун дола дIалуш
долчу лаьтта тIехь шу шортта декъалдийр ду. 5 Иза
иштта хир ду, нагахь санна шайн Везачу Деле бен
аша ладугIур дацахь а, тахана ас шайна тIедохкуш
долу весеташ аша леррина кхочушдахь а. 6 Шу
иштта лелахь, шун Везачу Дала шу декъалдийр ду,
Ша шуьга ма-аллара. Аша дуккха а долчу
халкъашна юхалург а лур ду, ткъа цаьргара
юхалург хIумма схьа а оьцур яц. Аша дуккха а
халкъашна тIехь олалла дийр ду, ткъа цара шуна
тIехь олалла дийр дац.
7 ‡‡Нагахь санна шун Везачу Дала шуна схьалуш
долчу лаьтта тIерачу цхьана гIалахь шун къомах
болчарах цхьаъ къен хилахь, варелаш, шайн
дегнаш чIагI а ма делаш, шайн куьйгаш а ма
дехкалаш къечунна гIо дан. 8 Амма шайн куьйгаш
дIа а деллий, цунна мел оьшург юхалург лолаш.
9 „Декхарш дуьтуш долу ворхIалгIа шо тIекхочуш
ду“, – боху цIена йоцу ойла шайн даг чу йожарх,
варелаш, ларлолаш. Иза а аьлла, шайн къомах
волчунна хьалха шу бIаьрмециг довла мега, цунна
юхалург хIума а ца елла. Ткъа цо Везачу Эле
латкъам бан тарло, тIаккха иза шуна къилахь
лорур ду. 10 ПаргIат юхалург ло цунна, шайн дегнаш
чохь яппарш а ца еш. Аш иштта делча, шун Везачу
Дала шун массо а гIуллакхашна тIехь а, шун
куьйгаша мел дечунна тIехь а шу декъалдийр ду.
11 ‡‡Къен адамаш-м даим а хир ду шун махкахь.
Цундела шайн комаьрша куьг кховдаде шайн
лаьтта тIехь шайн къомах мел волчу къечунна я
мискачунна».

† *Зуя *– иза чIерий лоьцургийн тайпанах долу олхазар хила тарло.** †† *14:21 Арадаккхар 23:19; 34:26.* ‡ *14:22-29 Iамалъяр 27:30-33; Лелар 18:21.*

‡† *15:7, 8 Iамалъяр 25:35.* ‡‡ *15:11 Маттай 26:11; Марк 14:7; Яхьъя 12:8.*

### Леш лелорах лаьцна
(Арадаkkхар 21:1-11)

12 †«Нагахь санна шун Іебархойн къомах волу стаг
я зуда шуна лолла вохкалахь, иза ялх шарахь шун
лай хила веза. Амма ворхІалгІачу шарахь дІахецa
иза. 13 Шаьш иза дІахецчa, даьссачу куьйгашца ма
вахийталаш иза. 14 Комаьршаллица яхьийта цуьнга
шайн уьстагІех, шайн хьаьтта тІера долчух, шайн
муттдоkkхургех долу дакъа. ДІало цунна, шун
Везачу Дала шаьш мел декъалдинчуьнга
хьаьжжина. 15 Дагахь латтаделаш Мисар-махкахь
шаьш леш хилла лелар а, шайн Везачу Дала шу
паргІатдахар а. Цундела тІедуьллу ас шуна тахана
хІара.
16 Нагахь санна, шу долчохь шена дика хилла
дела, цо шуьга иштта алахь: „Со дІа ца воьду шу
долчуьра, сайна шу а, шун доьзал а беза дела“, –
17 аша, ю схьа а эций, цуьнан лергах иза чекх а
яkkхий, неІарх Іотта. ТІаkkха иза гуттаренна а шун
лай хилла вуьсур ву. Изза делахь гІарбашна а.
18 Холчу ма даkkха шайна иза дІахецa везаш хилар,
хІунда аьлча ялх шарахь ша бина болу болх цо
мехах аш лаьцна волчу белхалочо бинчул шозза
йораха бина. Мелхо а, цу бахьаненна шун Везачу
Дала аш мел деш долчунна тІехь шу декъалдийр
ду».

### Дуьххьарлера бежанаш а, уьстагІий а

19 ††«Шайн бежанех а, уьстагІех а дуьххьара
дуьнен чу яьлла йолу боьрша хІума шайн Везачу
Далла дІакъастае. Дуьххьарлерчу эсана тІехь болх
ма белахь, дуьххьарлера Іахар ма ларгалахь.
20 Шайн Везачу Далла хьалха хІора шарахь аша а,
шун доьзало а даалаш и дийнаташ Везачу Эло
Шена хоржур йолчу меттехь. 21 Нагахь санна оцу
дийнатех цхьанна тІехь цхьа айп делахь, астагІа я
бІаьрзе иза хилахь, я муьлхха а кхин тайпа айп
долуш хилахь, шайн Везачу Далла сагІина лерина
дІа ма ло иза. 22 Амма шайн гІаланашкахь даалаш
цуьнан жижиг. Иза Далла гергахь цІена волчо а,
цІена воцучо а даа мегар ду, масаран я сен жижиг
санна. 23 ‡Амма цуьнан цІий ма даалаш. Иза, хи
санна, лаьтта тІе дІаІанаделаш».

### Пасахьан дезачу денойх лаьцна
(Арадаkkхар 12:1-20)

16 ‡†«Абиб ‡‡ олучу баттахь шайн Везачу Далла
лерина Пасахьан деза денош дазде, хІунда
аьлча оцу беттан цхьана буьйсанна шун Везачу
Дала Мисар-махкара арадаьхнера шу. 2 Везачу Эло
Ша Іайтархьама къастор йолчу меттехь, шун
Везачу Далла лерина долу Пасахьан сагІа санна,
шайн жех я бежанех цхьана дийнатна урс хьаkkха.
3 Цуьнан жижигца совсийна хІума ма яалаш. ВорхІ
дийнахь совсоза баьпкаш даалаш цуьнца,
баланийн долу баьпкаш, хІунда аьлча шу сиха
арадевллера Мисар-махкара. Даалаш и баьпкаш,
дуьнен чохь шу мел деха шаьш арадовлар шайна
диц ца далийта. 4 ВорхІ дийнахь шун махкахь
цхьанхьа а совсуьйту цхьа а хІума каро ца еза.
Хьалхарчу дийнахь, суьйранна, сагІа даkkха, ткъа
жижигах долу цхьа а дакъа Іуьйренга ма далийта.
5 Шун Везачу Дала шайна лун йолчу гІаланийн
цхьанна а чохь Пасахьан сагІина лерина долчу
дийнатна урс хьоkkхийла дац шун. 6 Шун Везачу
Дала Ша Іайтархьама къастор йолчу меттехь бен
Пасахьан дийнатна урс ма хьаkkхалаш, сарахь, малх
дІабузучу хенахь, шун дай Мисар-махкара
арабевллачу хенахь. 7 Шун Везачу Дала къастор
йолчу оцу меттехь дийнатан жижиг кхехка а делаш,
иза даа а даалаш. Ткъа шолгІачу дийнахь шайн
четарш чу юхадерза йиш ю шун. 8 Ялх дийнахь
совсаза долу баьпкаш даа, ткъа ворхІалгІачу
дийнахь шайн Везачу Далла беза гулам
дІахІоттабе. Оцу дийнахь цхьа а болх ма бе».

### Ялта чудерзоран деза де
(Арадаkkхар 34:22; Іамалъяр 23:15-21)

9 ‡‡†«Маьрсаца кІа хьоkkучу хьалхарчу денна тІера
ворхІ кІира дагарде. 10 Цул тІаьхьа шайн Везачу
Далла лерина *ШавуІот* цІе йолу дезде дазделаш,
шайн лаамца долу сагІа а доkkхуш, шайн Везачу
Дала шу декъалдаре хьаьжжина. 11 Шайн Везачу
Далла хьалха сакъералуш хила Цо Ша Іайтархьама
къастор йолчу меттехь – шу а, шун кІентий а,
йоІарий а, шун леш а, гІарбашаш а, шун
гІаланашкахь Іаш болу левихой а, тІебаьхкина нах
а, иштта бай а, бисина Іаш болу зударий а.
12 Мисар-махкахь шаьш леш хилла лелар дагахь
латтаде. Цундела и парзаш лар а де, уьш кхочуш а
де».

### Адамаш кхалораш кІелахь Іаш долу деза денош
(Іамалъяр 23:33-43)

13 ‡‡‡«Кхалораш кІелахь Іаш долу деза денош ворхІ
дийнахь дазде, шаьш аренаш тІера ялта хьаькхна
девлча а, шайн муттдоkkхургашна чуьра чагІар
схьадаьkkхина девлча а. 14 Оцу дезачу деношкахь
сакъера – аша а, шун кІенташа а, йоІарша а, шун
леша а, гІарбашаша а, шун гІаланашкахь Іаш болчу
левихоша а, тІебаьхкинчу наха а, байша а, бисинчу
зударша а. 15 ВорхІ дийнахь шайн Веза Дела лоруш
дазделаш и денош, Везачу Эло къастор йолчу оцу
меттехь. Кхоччуш сакъералуш хилалаш, хІунда
аьлча шун Везачу Дала аш ялта чудерзоран
балхана тІехь а, шун куьйгаша мел дечу
гІуллакхашна тІехь а декъалдина ду шу.

*† 15:12-18 Іамалъяр 25:39-46. †† 15:19 Арадаkkхар 13:12. ‡ 15:23 Доладалар 9:4; Іамалъяр 7:26, 27; 17:10-14; 19:26; Карлабаьkkхинарг 12:16, 23. ‡† 16:1-8 Арадаkkхар 12:1-20; Іамалъяр 23:5-8; Лелар 28:16-25. ‡‡ Абиб *– Іебархойн календарца хьалхара бутт бара. Вайн календарца март-апрель беттанашкахь нисло иза.**

*‡‡† 16:9-12 Іамалъяр 23:15-21; Лелар 28:26-31. ‡‡‡ 16:13-15 Іамалъяр 23:33-36, 39-43; Лелар 29:12-38.*

[16] Шарахь кхузза халкъана юкъара боьрша стаг
мел верг шен Везачу Далла хьалха дIахIотта веза
Цо къастор йолчу оцу меттехь – совсазчу баьпкан
дезачу дийнахь, ШавуIот цIе йолчу дезачу дийнахь,
Кхалорийн дезачу деношкахь. Цхьа а стаг Везачу
Элана хьалха даьссачу куьйгашца ван ца веза.
[17] ХIорра а шен Везачу Дала ша декъалваре
хьаьжжина, Везачу Элана лерина долу совгIат
карахь а дахьаш ван веза».

### Кхелъяр

[18] «Шун Везачу Дала шайна лур йолчу массо а
гIаланашкахь шайн-шайн тайпанийн
латтанашкахь кхелахой а, тIехьовсурш а
дIахIиттабе. Иза де цаьрга халкъана тIехь нийса
кхел яйтархьама. [19] †Ма талхаделаш кхелъяр,
цхьаьнгге а озабезам ма белаш. Ма эцалаш
кхаьънаш, хIунда аьлча кхаьънаша хьекъале берш
а бIарзбо, нийса болчеран гIуллакхаш
хийцадолуьйту. [20] Массо а хенахь бакъйолу кхел
бен ма елаш, шаьш дийна хилийтархьама а, шайн
Везачу Дала шайна луш долу латта дола
даккхархьама а.
[21] ††Шайн Везачу Далла аша дIахIоттор болчу сагIа
доккхучу кхерчана уллохь Ашера-далла лерина
болу цхьа а дечиган бIогIам ма хIоттабелаш
[22] ‡Харцделанашна а тIулгаш дIа ма хIиттаделаш.
Иза шун Везачу Далла цадезарг ду».

## 17

«Шайн Везачу Далла сагIина сакхт долу, я
кхин заралла долу сту я уьстагI ма балаш,
хIунда аьлча иза Цунна дегаза хета. Иза Везачу
Далла хьалха дегаза ду.
[2] Нагахь санна шун Везачу Дала шуна луш йолчу
цхьана гIалахь, Делаца бина барт а бохош, Цунна
зуламе хеташ дерг дина цхьа стаг я зуда хилахь,
[3] ‡†нагахь санна цара, Ас тIедиллина долчунна
дуьхьал а лелаш, кхечу деланашна Iамал а яхь, я
царна, я малхана, я баттана, я стигалийн
ницкъашна Iибадат а дахь, [4] ткъа шуьга царах
лаьцна хаам а беана, шуна иза схьахазахь, аша и
гIуллакх леррина талла деза. Нагахь санна и дегаза
хIума исраилхошна юкъахь далийтина хилар
билггал бакъ хилахь, [5] аша и зулам дина волу стаг я
зуда гIалин кевнашна арахула тIе а валавай, иза
валлалц цунна тIе тIулгаш кхисса. [6] ‡‡Шина я кхаа
тешо динчу тоьшаллица бен и бехкеверг вен ца
веза. Стаг вен кхел ярхьама, теш цхьаъ хилла Iан
ца веза. [7] ‡‡†Тоьшалла деш болчеран куьйгаш
массерачул а хьалха хьалаайина хила деза и стаг
вен, цул тIаьхьа дерриге а халкъо царна тIулгаш
кхисса деза. Шайна юкъара зулам иштта дIадаккха.
[8] Нагахь санна цхьа къовсаме долу гIуллакх
цхьалхадаккха шайна хала делахь, – и гIуллакх
цIий Iанорах лаьцна, девнах лаьцна, я чов ярх
лаьцна делахь, – шун гIаланашкара нах берриш а
цхьатерра реза бацахь, хьала а гIовттий, шайн
Везачу Дала къастор йолчу оцу метте дIагIо.
[9] Левихой болчу динан дайшна а, оцу деношкахь
кхел еш хир волчу кхелахочунна а тIе а гIой, цаьрга
хатта, тIаккха цара эр ду шуьга кхел нийса муха ян
еза. [10] И гIуллакх Везачу Эло къастор йолчу
меттехь, цара ма-аллара, чекх а даккха, цара
шайна хьехнарг дерриг а кхочушдан а хьажа.
[11] Цара шайна хьехначу хьехамашца а, цара
тIедиллинчуьнца а лелалаш. Цара аьллачунна
тIера я аьтту, я аьрру агIор ма довлалаш. [12] Ткъа
цигахь шун Везачу Далла гIуллакх деш волчу динан
дас а, кхелахочо а бохург ца деш кIоршаме леларг
вен веза. Иштта дIадаккха исраилхошна юкъара
зулам. [13] Иза дерриге а халкъана дIахезар ду. Нах
кхералур бу, уьш кхидIа кIоршаме лелар бац».

### Паччахьах лаьцна долу весет

[14] ‡‡‡«Шайн Везачу Дала шайна луш долчу лаьтта
тIе а даьхкина, латта шайн дола а даьккхина,
цигахь шаьш даха хевшича, аша иштта ала мега:
„Ваьшна тIехь паччахь дIахIоттаве вай, вайна
гонах долчу халкъаша ма-хIоттаварра“. [15] Иштта
делахь, шун Везачу Дала схьахаьржжинарг
дIахIоттавелаш шайна тIехь паччахь. И паччахь
шун гергарчарна юкъара хила веза. Кхечу махкара
волу а, шун къомах воцу а стаг шуна тIехь паччахь
дIахIоттавойла дац. [16] §Цо шена дукха говраш а ма
гулйойла, нах Мисар-махка а ма бахийтойла, шена
кхин говраш хилийтархьама, хIунда аьлча Везачу
Эло шуьга аьлла дара: „Мисар-махка юха ма
дуьйлалаш“. [17] §†Шен дог Делах ца тилийтархьама,
шена дукха зударий а ма балабойла цо. Иштта
деши а, дети а дукха ма гулдойла цо. [18] Амма шен
паччахьаллин гIанта тIе ша охьахиъча, левихойн
динан дайшкахь долчу тептарш тIера хIара товрат-
хьехамаш шена дIаязбан беза цо. [19] И дIаяздина
тептар цуьнгахь хуьлийла, ша мел вехачу
деношкахь даим а доьшийла цо иза, шен Везачу
Деле ларамах вуьзна хила Iамархьама а, и берриге
а товрат-хьехамаш а, парзаш а леррина
кхочушдархьама а. [20] Цуьнан дог кура ма долийла
шен къомах болчарна хьалха, оцу весеташна тIера
дIа ма волийла иза я аьтту, я аьрру агIор, иза а,
цуьнан кIентий а дуккха а хенашкахь исраилхошна
тIехь паччахьалла деш хилийтархьама».

### Дахарехь динан дайн декъах лаьцна

## 18

«Динан дай болчу левихошна а, дерриг а
левихойн тайпанна а лаьттан дакъа кхочур
дац Исраилан махкахь. Везачу Элана деанчу
сагIанех дакъа кхочур ду царна, цунах хир ду церан
рицкъа. [2] §††Шайн вежаршна-исраилхошна юкъахь

† 16:19 *Арадаккхар 23:6-8; Iамалъяр 19:15.* †† 16:21 *Арадаккхар 34:13.* ‡ 16:22 *Iамалъяр 26:1.* ‡† 17:3 *Арадаккхар 22:20.* ‡‡ 17:6 *Лелар 35:30; Карлабаькkхинарг 19:15; Маттай 18:16; 2 Коринтхошка 13:1; 1 Тимапига 5:19; Iебархошка 10:28.* ‡‡† 17:7 *1 Коринтхошка 5:13.*

‡‡‡ 17:14 *Шамъал 8:5.* § 17:16 *2 Шерашкахь 1:16; 9:28.* §† 17:17 *а: Шамъал 11:1-8; б: Шамъал 10:14-22, 27; 2 Шерашкахь 1:15; 9:27.* §†† 18:2 *Лелар 18:20.*

лаьттан дакъа кхочур дац левихошна. Церан дакъа
Веза Эла ву, Цо Ша цаьрга ма-аллара.
3 Стерчий я уьстагӀий сагӀина деанчу наха динан
дайшна дӀаяла еза цу дийнатийн хӀара меженаш:
тӀа а, мочхалш а, искиртиг а. 4 Иштта дуьххьара
гулдина ялта а, даьккхина чагӀар а, даьтта а,
уьстагӀашна тӀера дуьххьара лергина тӀаргӀа а
дӀало царна. 5 ХӀунда аьлча шун Везачу Дала
къастийна уьш шуна юкъара, Шена хьалха а
лаьтташ, цара а, церан тӀаьхьено а Везачу Элан
дуьхьа гӀуллакх дархьама.
6 Муьлхха а левихо, ша Ӏийначу гӀали чуьра
Исраилан мехкан мичча а меттера дӀа а вахана,
Везачу Эло къастийначу метте шен деган лаамца
ван йиш йолуш ву. 7 Цигахь Везачу Элана Ӏамал еш
болу шен вежарий левихой санна, шен Везачу
Далла гӀуллакх деш иза велахь, 8 вукху левихоша
санна, цхьатерра дакъа схьаэца йиш ю цуьнан,
шен ден бахам боьхкина эцначул совдаьккхина».

### Кхечу къаьмнийн нехан гӀиллакхех ларвалар

9 «Шайн Везачу Дала шайна лун долчу лаьтта тӀе
шаьш даьхкича, кхечу халкъаша лелийна боьха
гӀуллакхаш дан ма Ӏамалаш. 10 †Шайна улло ма вита
шен кӀант я йоӀ цӀергахь дагош верг, пал тосуш
верг, жинашца тайнарг, эвлаяъ, бозбунчалла
лелош верг, 11 ††адамийн синош тӀедоьхуш верг,
молханаш лелош верг, беллачу нахаца къамел дан
гӀерташ верг. 12 ХӀунда аьлча Везачу Элана боьха
хета и гӀуллакхаш лелош берш, цундела шуна
хьалхара дӀалохку Цо и халкъаш, церан боьха
гӀуллакхаш бахьана долуш. 13 ‡Шайн Везачу Далла
хьалха цӀена хила».

### Пайхамар воуьйтур ву аьлла, ваӀда дар

14 «Аш дӀалохкур долчу цу халкъаша пал
тосучаьрга а, бозбунчашка а ладугӀу, ткъа шун
Везачу Дала шуна иза дан пурба ца делла. 15 ‡†Шуна
юкъара, шун вежарех, со санна, шун Везачу Дала
Пайхамар воуьйтур ву шуна. Цуьнга ладогӀа.
16 Дала иза лур ву шуна аша вехарна, хӀунда аьлча
шаьш Хьариб-лам тӀехь гулделлачохь аш дехна:
„ХӀинца чул тӀаьхьа тхан Везачу Делан аз ма
хозийла тхуна, кхин хӀара сийлахь цӀе а ма гойла
тхуна, тхо хӀаллак ца хилархьама!“ – бохуш.
17 Везачу Эло соьга элира: „Дика ду цара иза
доьхуш хилар. 18 Ас церан вежаршна юкъара хьо
санна волу Пайхамар лур ву царна. Бийца мотт лур
бу Ас Цунна, тӀаккха Ас Шена тӀедиллинарг нахе
дӀаэр ду Цо. 19 ‡‡Сайн Пайхамарехула Ас бохучуьнга
ла ца доьгӀначуьнгара Ас жоп доьхур ду. 20 Ас шена
тӀедиллина доцург Сан цӀарах дуьйцуш волу
пайхамар а, кхечу деланийн цӀарах къамел деш
волу пайхамар а хӀаллакве“.
21 Аш ойла ян тарло: „Тхуна муха хуур ду Везачу
Элера ду я дац пайхамаро дуьйцуш дерг?“ 22 Нагахь
пайхамаро Везачу Элан цӀарах аьлларг кхочуш ца
хилахь, и дешнаш Везачу Элера дац. Уьш цу
пайхамаро шегара дуьйцуш ду. Цунах ма кхера!»

### ДӀалочкъийла йолу гӀаланаш

(Лелар 35:9-34; ЮшаӀ 20:1-9)

19 ‡‡†«Шун Веза Дела шуна схьалуш долчу
лаьтта тӀера къаьмнаш хӀаллакдина ваьлча,
аша церан латта шайн дола доккхур ду, церан
гӀаланашкахь а, цӀеношкахь а даха а ховшур ду шу.
2 ТӀаккха шун Везачу Дала шуна дӀалуш долчу шайн
лаьттана юккъехь шайна кхо гӀала дӀакъастае.
3 Шайн Везачу Дала шайн дола луш долчу лаьттах
кхо дакъа а де, хӀора декъа чохь дӀакъастийна
йолчу гӀалина тӀедоьлху некъаш а де, адам дийна
волчу муьлххачу а стеган цига дӀавада аьтто
хилийтархьама. 4 Шен са кӀелхьардаккхархьама,
оцу гӀаланех цхьаьнга ведда волчу адам дийначу
стагах лаьцна долу весет иштта ду. И санна волчу
стага ларамаза шена уллораниг вийна хила веза,
велларг валале хьалха цуьнца мостагӀалла а
доцуш. 5 Масала шух шиъ хьуьнах вогӀу дечиг
даккха, ткъа дитт хадо хьалхарчу стага диг
хьалаайича, оцу дагаро, даганна тӀера а даьлла,
шолгӀачу стагана тӀе а кхетта, иза вен тарло.
ДӀалочкъийла йолчу гӀаланех цхьанхьа дӀавада
мегар ду адам дийна волу иштта стаг, дийна
висархьама. 6 И гӀаланаш кхоъ ца хилча, некъ беха
хиларна чӀир йоьккхучо, ша оьгӀазвахханчохь, стаг
вийначунна тӀаьхьа а ваьлла, цунна тӀе а кхаьчна,
иза вен тарло. Делахь а, оцу стагана вен кхел ца
йогӀу, иза хьалха оцу веллачуьнца мостагӀалла
долуш ца хилла дела. 7 Цундела дина ас хӀара омра:
„Шайна кхо гӀала дӀакъастае“, – аьлла.
8 Шун Везачу Дала, шун дайшна *ваӀда* ма-дарра,
шун долахь болу мохк алсамбаьккхича, шун
дайшка Ша йинчу чӀагӀоне хьаьжжина, Цо дерриге
а латта шуна дӀаделча, кхин а кхо гӀала дӀакъастае.
(Дала и латта лур ду шуна, нагахь санна тахана ас
тӀедуьллуш долу хӀара дерриге а весеташ аша
леррина кхочушдахь – нагахь санна шун Веза Дела
шуна везахь, шаьш мел деха Цуьнан некъашца шу
лелахь.) 10 Иза делаш шун Везачу Дала шун дола
лур долчу шайн лаьттана юккъехь бехк боцучу
стеган цӀий ца Ӏанадайтархьама а, шуна тӀехь цӀий
ца хилийтархьама а.
11 Амма нагахь санна цхьаъ вукхуьнан мостагӀа а
хилла, иза лар а вина, цунна тӀе а кхетта, иза вен а
вийна, царах цхьана гӀала дӀавадахь, 12 тӀаккха
цуьнан гӀаларчу къаноша, иза цигара схьалаца
цунна тӀаьхьа нах бахийта беза. И стаг чӀир
йоьккхучу нехан кара дӀавала веза, иза
валийтархьама. 13 Шун бӀаьргашна къа ма хетийла
цунах. Бехк боцучу стеган цӀий Ӏанор дӀадаккха
исраилхошна юкъара, шуна дика хилийтархьама».

---

† 18:10 а: Ӏамалъяр 19:26; б: Арадаккхар 22:18. †† 18:11 Ӏамалъяр 19:31. ‡ 18:13 Маттай 5:48. ‡† 18:15 Векалийн 3:22; 7:37. ‡‡ 18:19 Векалийн 3:23.

‡‡† 19:1-13 ЮшаӀ 20:1-9.

### Латта лачкъорах а, харцтоьшалла дечех а лаьцна

14 †«Шайн Везачу Дала шун дола дӀалуш долчу
лаьтта тӀехь а долу, шуна кхочуш долу дакъа
дӀакъастош а долу, шайн дайша дӀахӀоттийна а
долу шира доза дӀа ма хиладе.
15 ††Нагахь санна муьлхха а къа латорна тӀехь я
зулам дарна тӀехь стаг бехкевеш велахь, цхьа теш
хилар ца тоьу. ХӀорра а бехкевар шина я кхаа
тоьшалла дечеран багахула бен чӀагӀдийр дац
16 Нагахь санна мекара тоьшалла деш волу цхьаъ
цхьанна дуьхьалвалахь, цо Іесалла ялийтина иза
бехке а веш, 17 тӀаккха юкъахь дов долу и ший а
стаг Везачу Элана а, оцу деношкахь гӀуллакх деш
хир болчу динан дайшна а, кхелахошна а хьалха
дӀахӀуттийла. 18 И гӀуллакх кхел ечара дикка талла
деза. Нагахь санна и тоьшалла деш верг
харцлуьйш а велахь, цо шен къомах волчунна
харцтоьшалла а динехь, 19 тӀаккха шен къомах
волчунна дан цунна дагадеанарг цунна а делаш.
Шайна юкъара зулам иштта дӀадаккха. 20 Иза
кхечарна дӀахезар ду, тӀаккха уьш кхералур бу,
иштта зулам шуна юкъахь кхин долуьйтур дац.
21 ‡Къа ма хетийла цунах шун бӀаьргашна: синах са
даккха догӀу, хьайн бӀаьрг баккхахь, цунна дуьхьал
бӀаьрг баккха, цергана дуьхьал церг яккха, куьйгах
– куьг, когах – ког».

### ТӀемах лаьцна тӀедиллинарг

20 «Шайн мостагӀашна дуьхьал тӀом бан шу
доьлхуш шун чул дукха йолу церан говраш,
гӀудалкхаш, тӀемалой шайна гича, кхера ма лолаш,
хӀунда аьлча Мисар-махкара шу арадаьхна волу
шун Веза Дела шуьца ву. 2 Шу тӀаме новкъа
довлуш, динан дас, хьалха а ваьлла, халкъе иштта
ала деза: 3 „ЛадогӀа соьга, Исраилан халкъ! Аша
тахана шайн мостагӀчуьнца тӀом дӀаболош бу.
Доьналлех ма довлалаш, ма кхералаш, царах ма
озалолаш, Іадийна ма хилалаш! 4 ХӀунда аьлча шун
Веза Дела шуьца новкъа ваьлла мостагӀчух
тасадала шуна гӀо дархьама. Цо шуьга толам
боккхуьйтур бу“.
5 ТӀехьовсучара эскаре иштта дӀахьедан деза:
„Керла цӀа дӀа а хӀоттийна, иза Далла къобалдина
воцург, шен цӀа юхаверза. Иза тӀамехь вен тарло,
тӀаккха цуьнан цӀа кхечу стага къобалдийр ду.
6 Кемсийн беш а йоьгӀна, цунна тӀера стом схьа ца
баьккхинарг а шен цӀа юхаверза. ХӀунда аьлча иза
тӀамехь лахь, кхечу стага пайда оьцур бу цуьнан
кемсийн бешах. 7 Зудчуьнца захало а дийцина, иза
схьаяло цакхиънарг а шен цӀа юхаверза. ХӀунда
аьлча иза тӀамехь лахь, цуьнца захало дийцина
йолу и зуда кхечу стага юьгур ю шена“.
8 ТӀехьовсучара кхин а иштта дӀахьеде эскаре:
„Кхоьруш верг а, доьналла доцург а шен цӀа верза,
кхечу тӀемалойн дегнаш, цуьнан дог санна, кӀеда
ца хилийтархьама“. 9 Эскаре къамел дина
девллачул тӀаьхьа, тӀеман хьаькамаш схьахаржа,
уьш тӀемалошна хьалха бовлийтархьама.
10 Шаьш цхьа гӀала дӀалацархьама цунна герга
даьхкича, цкъа хьалха барт бан хьовсалаш.
11 Нагахь санна, реза а хилла, цара гӀалин ков
дӀаделлахь, оцу гӀалахь мел болчарах шун леш хир
бу, ткъа аша цаьрга белхаш бойтур бу. 12 Нагахь
санна, реза а ца хилла, цара шуьца тӀом
дӀаболабахь, аша цу гӀалина го белаш. 13 Шун
Везачу Дала и гӀала шун кара схьаелча, цуьнан
боьрша нах берриш а хӀаллакбе туьран ираллица.
14 Амма цуьнан ерриг а хӀонс (зударий а, бераш а,
даьхни а, гӀалахь мел дерг а) шайна схьа а эций,
шун Везачу Дала шун кара яийтинчу мостагӀийн
хӀонсах шайна пайда эцалаш. 15 Оцу кепара аша
дан деза шайна уллорачу къаьмнийн долахь
йоцучу а, шуна дикка гена йолчу а массо а
гӀаланашна.
16 Ткъа шун Везачу Дала шун дола схьалуш долчу
лаьттахь йолчу гӀаланашкахь цхьа а чохь са долу
хӀума дийна ма йиталаш. 17 Шун Везачу Дала тӀе-
ма-диллара, Цунна дӀа а къастадай, хӀара халкъаш
кхоччуш дакъазадаха: хьетахой а, эмархой а,
канаІанхой а, перезахой а, хьаьвихой а, явсайхой
а. 18 Иза делаш, шайн деланашна цара лелош долу
дегаза гӀуллакхаш дан шайна цаьрга Іама а
дойтуш, шайн Везачу Далла дуьхьал къа ца
латорхьама.
19 Нагахь санна, толам а баьккхина, шайна
схьаяккхархьама, цхьа гӀала го бина аша дукха
латтаяхь, оцу гӀалин дитташ, шуна баа стом лун
дерш, ма дохаделаш. Дагарца ма хададелаш и
дитташ. Аренгахь лаьтташ долу дитт адам ма дац,
шу тӀелата дезаш долу. 20 Шайна девзаш долу баа
мега стом луш доцу дитташ дохо а, дӀахадо а мегар
ду, шайца тӀом беш йолчу гӀалина дуьхьал
чӀагӀонаш дӀахӀитторхьама, шаьш цунна тӀехь
толам баккхалц».

### Гучудахаза долу адамаш дайарш

21 «Нагахь санна шун Везачу Дала хьуна
схьалур долчу лаьттан аренгахь Іуьллуш
цхьана веллачу стеган дакъа схьакарадахь, иза
вийнарг мила ву хууш а дацахь, 2 шун къаной а,
шун кхелахой а арабовла беза. Цара велларг
Іуьллучу меттигна тӀера гонахарчу гӀаланашна
тӀекхаччалц йолу юкъ юста еза. 3 Велларг Іуьллучу
меттигера уггар а йоца юкъ йолчу гӀалин къаноша
схьаэца деза цкъа а болх байтаза а, цкъа а дукъ
лелоза а долу шинар. 4 И шинар оцу гӀалин
къаноша дӀадига деза ахказа а, дӀаенза а йолчу,
чохь татол долуш йолчу тогӀене. Оцу тогӀи чохь
шинаран ворта кагъян еза. 5 Цул тӀаьхьа левихой
болу динан дай тӀебахка беза, хӀунда аьлча

† 19:14 *Карлабаьккхинарг 27:17.* †† 19:15 *Лелар 35:30; Карлабаьккхинарг 17:6; Маттай 18:16; Яхьъя 8:17; 2 Коринтхошка 13:1; 1 Тимапига 5:19; Іебархошка 10:28.* ‡ 19:21 *Арадаккхар 21:23-25; Іамалъяр 24:19, 20; Маттай 5:38.*

муьлхха а къовсаме долу гIуллакх а, муьлхха а
ницкъбар а церан сацамца къасто деза. Уьш шун
Везачу Дала къастийна бу Шена гIуллакх дайта а,
Везачу Элан цIарах декъалдарш дайта а. 6 Веллачун
юххехь йолчу оцу гIалин массо а къаноша шайн
куьйгаш дила деза, тогIи чохь ворта кагийнчу
шинаран коьрта тIехула а лоцуш. 7 Цара, дIа а
кхайкхош, иштта ала деза: „Тхан куьйгаша Iанийна
дац хIара цIий, тхан бIаьргашна гина хIума а дац
хIара. 8 Веза Эла, мах баларца Айхьа Мисар-
махкара паргIатдаьккхина долчу а, Хьан долчу а
Исраилан халкъан къа дIадаккхахьа. Ма
хьарчийтахьа царах бехк боцучун цIий Хьан халкъ
долчу исраилхойх“. ТIаккха цIий Iаноран къа царна
тIера дIадаьккхина хир ду. 9 Иштта дIадаккха бехк
боцучун цIий шайна тIера, шайн Везачу Далла
хьалха дика дерг а, нийса дерг а шаьш дина дела».

## Йийсарехь болчу зударех лаьцна

10 «Шайн мостагIашна дуьхьал шу тIом бан дахча,
шун Везачу Дала уьш шун кара схьабелча, аш
царна йийсар дича, 11 оцу йийсархошна юкъахь
шух цхьанна хаза куц долу зуда гахь, еза а елла,
иза шена йига цунна дагадагIахь, 12 оцу стага иза
шен цIа а йига, цу зудчуьнга месаш шега дIа а
ларгийта, мIараш дIа а хедаяйта. 13 Шена тIехь йолу
йийсархочун бедарш а дIаяхийта цуьнга. Цо иза
шен кертахь Iайта. Цхьана баттахь шен дена а, шен
нанна а белхар дайта цуьнга. Цул тIаьхьа оцу
стеган йиш хир ю, цунах куьг а тоьхна, цуьнан
майра хила. ТIаккха иза цуьнан зуда хир ю.
14 Нагахь санна, хан яьлча, цунна иза ца езахь, и
зуда дIаяхийта мегар ду цунна луъучу меттиге.
Амма цо иза детих дIайохка а мегар дац, цунах лай
ян а мегар дац, иза ша сийсазъяьккхина дела».

## Дуьххьарлерчу боьршачу доьзалхочун бакъо

15 «Нагахь санна цхьаннан ши зуда елахь – езаш
йолу цхьаъ а, езаш йоцу важа а, – ткъа оцу шинна а
зудчун – езаш йолчун а, езаш йоцучун а, – кIентий
хилахь, нагахь санна дуьххьарлера доьзалхо волу
кIант ца езаш йолчу зудчух схьаваьлла велахь,
16 тIаккха, кIенташна юкъахь бахам боькъучу
даьлча, цуьнан йиш яц езаш йоцучу зудчун
кIантера езачу зудчун кIантана дIадала
дуьххьарлера доьзалхо хилар. 17 Ца езачу зудчун
кIант цо дуьххьарлера кIант лара веза. Шен мел
долчу хIуманан ши дакъа цо цунна дIадала деза,
хIунда аьлча иза цуьнан ницкъан юьхьиг ю.
Дуьххьарлера доьзалхо хиларан бакъо цуьнан ю».

## МуьтIахь воцучу кIантах лаьцна

18 «Нагахь санна цхьаннан шен дас бохучуьнга а,
шен нанас бохучуьнга а ла ца дугIуш юхахьара а,
аьрха а кIант велахь, дас-нанас шена таIзар дича а,
иза ладугIуш а вацахь, 19 цуьнан дас-нанас иза
шайн гIалин къаношна тIевало веза, шаьш дехачу
гIалин кевнехь кхел яйта. 20 Дас-нанас шайн гIалин
къаношка иштта дIаала деза: „ХIара тхан кIант
юхахьара а, аьрха а ву. Оха бохучуьнга хIара
ладугIуш а вац, хIара кхоамза стаг а ву, кад беттарг
а ву“. 21 Цул тIаьхьа цуьнан гIаларчу бахархошка
иза валлалц цунна тIулгаш кхиссийта. Шайна
юкъара зулам иштта дIадаккха. Иза дIа а хезна,
берриг а исраилхой кхералур бу».

## Оьздангаллин парзаш

22 «Нагахь вен хьакъ долу зулам гучу а даьлла,
стаг вийначул тIаьхьа, аша и дакъа диттах
ирхъоллахь, 23 †цу докъе дитта тIехь буьйса ма
яккхийта, оццу дийнахь иза дIаволла, хIунда аьлча
диттах ирхъоьллина волу муьлхха а стаг Далла
хьалха неIалт кхайкхийна ву. Шайн Везачу Дала
шайн дола луш долу латта бех ма де».

22 ††«Кхечу исраилхочун тилабелла сту я уьстагI
шайна гича, и дийнат ма диталаш, оцу
стагана юхадерзаделаш иза. 2 Нагахь санна
дийнатан да шуна гергахь вацахь, я шуна иза
вевзаш вацахь, дийнат шайн керта схьа а даладай,
шайн кертахь латтаде, цуьнан дас иза лоьхучу
ханна. Цул тIаьхьа цунна дIало иза. 3 Изза делаш
кхечу исраилхочун вираца я бедаршца. Изза делаш
цуьнан яйначу, ткъа шуна карийначу муьлххачу а
хIуманца. Оцу тIера шун дIадовлийла дац.
4 Кхечу исраилхочун вир я сту охьабоьжна шайна
гахь, и дийнат ма дита, цуьнца цхьаьна
хьалагIаттабе иза.
5 Зударшна тIехь божарийн духар хила ца деза,
божарша а духа ца деза зударийн духар, хIунда
аьлча иштта дерг деш волу муьлхха а стаг шун
Везачу Далла дегаза хета.
6 Нагахь санна некъ беш цхьана дитта тIехь я
лаьтта тIехь чохь кIорнеш я хIоаш долу олхазаран
бен шуна нислахь, ткъа церан нана оцу кIорнеш
тIе я хIоаш тIе хиъна хилахь, и нана кIорнешца
цхьаьна схьа ма эцалаш. 7 КIорнеш шайна
схьаэцалаш, ткъа нана дIахеца хьовсалаш, шуна
дика хилийтархьама а, шун хан яхъялийтархьама
а.
8 Нагахь санна керла цIа дIахIоттор делахь, шайн
шерачу тхевнна тIехь керт дIахIоттае. Иза делаш
нагахь оцу тхевнна тIера цхьаъ охьакхетахь, шайн
цIенна цIий ца хьарчийтархьама.
9 ‡Шайн кемсийн бешахь кхечу хIуманийн хIуш ма
де. Аша кхечу хIуманийн хIуш цигахь дехь, дерриг
а ялта – аша дийнарг а, кемсийн стоьмаш а – аша
шайна схьагулдан мегар дац.
10 Сту а, вир а цхьаьна дIа ма йожа, цаьрца охана
дархьама.
11 Шайна тIе а ма духа тайп-тайпанарчу тайнех
дуьйцина долу духар: эханган а, ветанан а теш
цхьаьна доьзна долу.

---

† 21:23 *Галатахошка 3:13.* †† 22:1-4 *Арадаккхар 23:4, 5.* ‡ 22:9-11 *Iамалъяр 19:19.*

12 †Шаьш тIетосучу хIуманна еа а маьIIе чечакхаш
тIетега».

### Маренца йоьзна йолу цIеналла

13 «Нагахь санна цхьаммо, шена зуда а йигина,
ткъа тIаьхьа и зуда чIогIа еза а ца елла, 14 цунна
дуьхьал телхина гIуллакхаш а долийна, цунах
лаьцна цIе кхуллу хабар а даьккхина: „Аса хIара
зуда ялийнера, амма иза йоIстаг ца хилла“, – алахь,
15 оцу кхиъначу йоIан дас-нанас шайн йоI йоIстаг
хиларан билгало ара а яьккхина, гIалин къаношка
дIагайта еза гIалин кевнехь. 16 Оцу йоIан дас
къаношка иштта дIаала: „Сайн йоI аса хIокху стаге
маре дIаелла, ткъа хIинца иза цунна ца еза.
17 Цундела цо цунах лаьцна харцдерг дуьйцу. Цо
боху: ‘Суна ца карийра хьан йоI йоIстаг хилар’.
ХIара ю сан йоI йоIстаг хиларан билгало“. Цара и
билгало йолу хIума гIалин къаношна хьалха
охьаюьллур ю. 18 Ткъа гIалин къаноша, и стаг схьа а
лаьцна, цунна таIзар дийр ду. 19 Оцу стагана бIе
*шекхал* дети далар тIедуьллур ду. И ахча йоIан
дена дIалур ду, исраилхойн йоIах лаьцна зуда
ялийначо харцдерг дийцарна. Ткъа иза цуьнан
зуда хилла юьсур ю. Ша мел веха оцу стагана
дихкина ду шен зудчух дIакъастар.
20 Нагахь санна дийцинарг бакъ а хилла, и йоI
йоIстаг ца хилахь, 21 тIаккха иза цуьнан ден
цIийнан неIаре схьаяло еза, гIалин бахархоша
цунна тIулгаш кхуьссур ду иза яллалц,
исраилхошна юкъахь цо эхье гIуллакх лелийна
дела: шен ден цIахь йоллушехь, нахаца лелла иза.
Шайна юкъара зулам иштта дIадаккха.
22 Нагахь санна марехь йолчу зудчуьнца цхьаъ
вижина каравахь, и шиъ ший а ден деза: зудчуьнца
вижина хилла волу стаг а, и зуда а. Иштта
исраилхошна юкъара зулам дIадаккха.
23 Нагахь санна къона зуда, цхьана стагана захало
дийцина а йолуш, гIалахь кхин цхьаъ, цунна
дуьхьал а кхетта, цуьнца леллехь, 24 и ший а оцу
гIалин кевне схьадаладе. Уьш баллалц царна
тIулгаш кхисса: йоI е, цо гIалахь мохь ца хьекхна
дела, ткъа стаг ве, цо кхечу стеган зуда
сийсазъяьккхина дела, ткъа стагана – цо шен
уллорачун зуда сийсазъяьккхина дела. Шайна
юкъара зулам иштта дIадаккха.
25 Нагахь санна захало дийцина йолчу йоIана
арахь цхьаъ дуьхьал а ваьлла, катоьхна схьа а
лаьцна, и йоI цо хьийзинехь, тIаккха цуьнца хилла
волу и стаг бен вен ца веза, 26 ткъа йоIана хIумма а
ма де: оцу йоIана тIехь и ен хьакъ долу зулам дац.
ХIунда аьлча иштта дина хIума цхьамма, кхечунна
дуьхьал а ваьлла, иза вер санна лоруш ду. 27 Цо и
йоI аренгахь схьалаьцна, йоIа мохь мел хьекхарх,
иза кIелхьаръяккха стаг ца хилла цигахь.
28 ††Нагахь санна, цхьамма захало дийцина
йоцучу йоIана дуьхьал а ваьлла, схьа а лаьцна, иза
хьийзича, и хIума гучудалахь, 29 тIаккха оцу йоIаца
хиллачо цуьнан дена шовзткъе итт шекхал дети
дала деза, ткъа иза цуьнан зуда хила еза, цо иза
сийсазъяьккхина дела. Ша мел веха, оцу зудчух
дIакъаста дихкина ду оцу стагана.
30 ‡Цхьаммо а шен ден кхин зуда йига а ца еза, и
дарца шен ден дIавуьжу мотт сийсаз а беш».

### Везачу Элан халкъах дIакъастор

23 «Зирх йохийначу, я бер хуьлуьйту меже
дIахадийна волчун Везачу Элан гуламе ваха
йиш яц. 2 КъотIалгIавиначун а йиш яц Везачу Элан
гуламе ваха. Ур-атталла цуьнан уьтталгIачу
тIаьхьенан а йиш яц цига ваха.
3 ‡‡Iамминхойн а, муабахойн а йиш яц Везачу
Элан гуламе баха. Ур-атталла церан уьтталгIачу
тIаьхьенан а йиш яц цига баха. 4 ‡‡ХIунда аьлча шу
Мисар-махкара схьадогIучу хенахь уьш баьпкаца а,
хица а дуьхьал ца баьхкинера шуна. Цара Арам-
НахIарайммерачу Патур-гIалара БеIаран кIант волу
БалиIам лаьцна дуьхьал а валийнера, шуна неIалт
кхайкхадайтархьама. 5 ‡‡†Амма шун Везачу Далла ца
лиира БалиIаме ладогIа. Шун Везачу Дала цуьнан
неIалтех шуна декъалдар хилийтира, шун Везачу
Далла шу деза дела. 6 Шайн къам мел хир ду, уьш
маьрша хилийта а, церан беркате дахар хилийта а
хIумма а ма делаш.
7 Эдомхой дIа ма татталаш, уьш шун гергара къам
долу дела. Мисархошна а куралла ма елаш, шу
церан лаьтта тIехь тIедаьхкина Iийна дела.
8 Дуьнен чу девр долчу церан кхоалгIачу
тIаьхьенан берийн йиш ю Везачу Элан гуламе
даха».

### Меттамотт дIахIоттийначохь цIано латторах лаьцна

9 «Шайн мостагIашна тIе тIамца шаьш дахча,
Далла хьалха цIена мел доцучух ларлолаш.
10 Нагахь санна, буьйсанна хилларг бахьана долуш,
шу долчохь цхьаъ цIена вацахь, иза меттаматтана
чуьра аравала а веза, меттаматтана чу юхаван а ца
веза. 11 Суьйре тIееача, цо шен дегI хица дила деза.
Цул тIаьхьа, малх дIабуьзча, иза меттаматтана чу
схьаван мегар ду.
12 Нишке даха меттиг меттаматтана чохь а йоцуш,
арахьа хила езаш ю. 13 Шуьгахь герзал сов белаш
хила еза, меттаматтара ара а довлий, шайна нишке
даха белаца кIаг баккха, цул тIаьхьа шайгара
даьлларг белаца къайладаккха. 14 ХIунда аьлча шун
Дела шун меттаматтана юккъехула лелаш ву, шу
лардархьама а, шун мостагIий шун
карабалархьама а. Цундела шун *меттамотт* болу
меттиг цIена хила еза, Цунна ган ца дезаш долу
шух даьлла сийсаздерг а гина, Иза хьох дIа ца
верзийтархьама».

† *22:12 Лелар 15:37-41.* †† *22:28, 29 Арадаккхар 22:16, 17.*

‡ *22:30 Iамалъяр 18:8; 20:11; Карлабаьккхинарг 27:20.* ‡† *23:3-5 Нахьми-ЯхIу 13:1, 2.* ‡‡ *23:4 Лелар 22:1-6.* ‡‡† *23:5 Лелар 23:7–24:9.*

### ТIедехкина парзаш

15 «Ша ларвайтархьама, шу долчу шен олахочух
ведда волу цхьа лай вагIахь, иза олахочунна дIа ма
ло. 16 Шайн гIаланашкахь цо схьахаьржинчу, цунна
хазделлачу цIа чохь шайна юкъахь вахийта иза.
Цунна гIело ма е.
17 †Исраилхойн йоIарех цхьа а цIуйн дуьхьа
нахаца лелаш хила ца еза. Исраилхойн кIенташна
юкъахь а хила ца веза цхьа а цIуйн дуьхьа нахаца
леларг. 18 Далла дина *ваIда* такхархьама, цIуйн
дуьхьа нахаца лелачу зудчун я цIуйн дуьхьа нахаца
лелачу стеган алапа шун Везачу *Делан цIа* чу ма
далаш, хIунда аьлча уьш ший а шун Везачу Далла
дегаза хета.
19 ††Ахчанна а, я кхачанна а, я са йоккхийла долу
кхин цхьана хIуманна а тIе ял ма яккха шайн
къомах волчуьнгара. 20 Кхечу къоман стагера ял
яккха мегар ду, амма шайн къомах волчуьнгара ял
ма яккха, шайн дола даккха шу тIедоьлхучу лаьтта
тIехь шайн куьйгашца шаьш мел деш долчунна
тIехь шайн Везачу Деле шаьш декъалдайтархьама.
21 ‡Нагахь санна аша шайн Везачу Далла хьалха,
чIагIо а еш, дош деллехь, иза сихха кхочушде,
хIунда аьлча шун Везачу Дала шуьгара жоп доьхур
ду, ткъа шуна тIехь къа дуьсур ду. 22 Нагахь санна
аша чIагIо ца йинехь, шуна тIехь къа хир дац.
23 Шайн баганца шаьш шайн лаамца чIагIо йинехь,
иза леррина кхочушде, шайн Везачу Далла шаьш
чIагIо йина дела.
24 Шайн уллорачун кемсийн беша шу девлча,
шайн даго ма-бохху, дуззалц кемсаш яа мегар ду,
амма шайн пхьегIи чу ма яхка уьш. 25 Шайн
уллорачун кха тIе шаьш даьхкича, цу тIера кIен
кенаш куьйгашца схьадаха мегар ду, амма шайн
уллорачун кха тIехь марс ма хьакха».

### ДIакъаьстина зуда юха маре яхарх лаьцна

24 ‡‡«Масала, цхьаъ, зуда а ялийна, цуьнан
майра хилира, ткъа цул тIаьхьа, цуьнца
доьзна долу эхье хIума а карийна, иза цунна ца
езаелира. Цунах дIасакъастарх лаьцна йозанца
тоьшалла а дина, иза цуьнга дIа а делла, цо и зуда
шен цIенна тIера дIайохуьйту. 2 И зуда, цуьнан
цIенна тIера дIа а яхана, кхечуьнга маре яха мегар
ду. 3 Амма, масала, иза шолгIачу майрачунна а еза
ца еллехь, цуьнца дIасакъастарх лаьцна йозанца
тоьшалла а дина, цуьнга дIа а делла, и зуда шен цIа
чуьра арахоьцу. Я, масала, и шолгIа майра
дIакхалха мега. 4 ХIета, цуьнан дуьххьарлера майра
хиллачу стеган иза шена юхайига бакъо яц, иза
бехъелла дела. Шун Везачу Далла хьалха иза
дегаза хIума ду. Шайн Везачу Дала шуна дола луш
долу латта сийсаз ма даккха».

### Хьехамаш

5 «Нагахь санна цхьаммо зуда ялийна дукха хан
яцахь, иза тIаме ваха а ца веза, цхьа а хIума цунна
тIедилла а ца деза. Иза цхьана шарахь паргIат шен
цIахь вита, шен зудчун самукъа а доккхуш.
6 Цхьаммо а кIа ору лакхара я лахара болу хьеран
тIулг закъалтана схьаэца ца беза, хIунда аьлча
иштадерг дечо закъалтана стеган са схьаоьцу.
7 ‡‡Нагахь санна шен къомах волу исраилхойн
стаг цхьаммо лачкъа а вина, цунах лай а вина, иза
воьхкинехь, иштта волу къу вен веза. Цу тайпана
дIадаккха шайна юкъара зулам.
8 ‡‡†Варелаш, кхераме *чкъуран цамгар* кхеттехь,
левихойх болчу динан дайша шайна мел хьехнарг
леррина кхочушделаш. Ас царна тIедиллинарг а
леррина кхочушделаш. 9 ‡‡‡Дагадайталаш шайн
Везачу Дала шу Мисар-махкара арадевлла догIучу
хенахь Маремана динарг.
10 §Нагахь санна шух цхьаммо шен уллорачунна
юхалург цхьа хIума еллехь, цуьнан цIа чу ма гIо,
цуьнгара закъалт схьаэцархьама. 11 Шу арахь
совца, ткъа шуьгара юхалург хIума яьхьначуьнга
закъалтана шуьга луш ерг шега арояккхийта.
12 Нагахь санна иза къен стаг велахь, цо закъалтана
елларг шен тIехула юху бедар елахь, иза шайгахь а
йолуш, дIа ма дийшалаш. 13 Цо закъалтана елларг
малх чубузале юхало, шайн бедарш тIехь а йолуш
дIадийшинчохь цуьнга шаьш декъалдайтархьама.
Шун Везачу Дала иза бакъахьара лелар лорур ду.
14 §†Ваца ма велаш къен а, миска а волу йолах
лаьцна верг, шайн къомах волу исраилхо я шайн
гIаланех цхьанна чохь Iаш волу тIевеанарг иза
велахь а. 15 Цунна дIабала беза мах цо болх бинчу
дийнахь малх чубузале дIало. Иза къен волу дела,
и ахча цунна оьшуш ду вахархьама. Иза де, цуьнга
Везачу Эле Iаткъам а байтина, шайх къа ца
хьарчийтархьама.
16 §††Берашкара даьлларг бахьана долуш дай ма
байа, бераш а ма дайа дайшкара даьлларг бахьана
долуш. Iожаллин таIзар догIу зулам далийтина
хIорра а, ша далийтина и зулам бахьана долуш
бен, вен ца веза.
17 §‡ТIевеанчунна а, бона а нийса кхелъяр ма
талхаделаш, ткъа йисинчу зудчун тIехулара бедар
закъалтана схьа а ма эцалаш. 18 Дагахь латтаде
Мисар-махкахь шаьш леш хилла лелар, ткъа шун
Везачу Дала шу цигара паргIатдаьхна хилар.
Цундела тIедуьллу ас хIара кхочушдар.
19 §‡†Шун кха тIехь ялта чудерзош шуна цхьа цIов
бицлахь, иза схьаэца юха ма дерзалаш. Иза
тIевеанчунна а, бона а, йисинчу зудчунна а бита,

† *23:17 Iамалъяр 19:29.* †† *23:19, 20 Арадаккхар 22:25; Iамалъяр 25:36, 37; Карлабаькххинарг 15:7-11.* ‡ *23:21 Лелар 30:2-17; Маттай 5:33.* ‡† *24:1 Маттай 5:31; 19:7; Марк 10:4.*

‡‡ *24:7 Арадаккхар 21:16.* ‡‡† *24:8 Iамалъяр 13:1–14:54.* ‡‡‡ *24:9 Лелар 12:10.* § *24:10-13 Арадаккхар 22:26, 27.* §† *24:14, 15 Iамалъяр 19:13.* §†† *24:16 Дауд 14:6; 2 Шерашкахь 25:4; Яхьазкхиал 18:20.* §‡ *24:17, 18 Арадаккхар 23:9; Iамалъяр 19:33, 34; Карлабаькххинарг 27:19.* §‡† *24:19-21 Iамалъяр 19:9, 10; 23:22.*

аша мел деш долчу гӀуллакхаш тӀехь шайн Везачу Деле шаьш декъалдайтархьама. 20 Шайн *зайт-ditтташ* тӀера стоьмаш охьаэгийча, юха ма дерза, кхин а цкъа гаьннашна гӀаж еттархьама. Дисинарг дита уьш тӀевеанчунна а, бона а, йисинчу зудчунна а. 21 Шайн кемсийн бешара стоьмаш схьадохуш, йисина кемсаш схьа ма яха. ТӀевеанчунна а, бона а, йисинчу зудчунна а йита уьш. 22 Дагахь латтаде Мисар-махкахь шаьш леш хилла лелар. Аса цундела тӀедуьллу шуна хӀара дар».

25 «Нагахь санна адамашна юкъахь къовсаме даьлла хӀума делахь, уьш кхеле озо беза. Цигахь бехке воцург бакъван веза, бехке волчунна кхел ян еза. 2 Нагахь санна бехкеволчунна серий детта хьакъ делахь, кхелахочо цунна шена хьалха серий деттийта омра дан деза, цо динчу зуламе хьаьжжина, дагар а деш, деттийта деза. 3 †Шовзткъазза тохийта мегар ду, амма кхин сов тохийта мегар дац, дуккха а деттийтина, шун бӀаьргашна а гуш, шайн къомах верг юьхьӀаьржачу ца хӀоттийтархьама.

4 ††Оручу стеран бат дӀа ма къовла».

## Веллачу вешина лерина долу декхар

5 ‡«Нагахь санна цхьаьна Ӏаш болчу вежарех кӀант воцу цхьа ваша дӀакхалхахь, веллачун зуда гергара воцучу кхечуьнга маре яха ца еза. Цуьнан марвашас иза шена яло а еза, цуьнца ваха а веза, марвешин декхар кхочушдархьама. 6 Цо вен волу дуьхххьарлера доьзалхо цуьнан веллачу вешин санна лорур ву, Исраилан халкъана юкъахь цуьнан тӀаьхье йиц ца ялийтархьама. 7 ‡†Нагахь санна и нус шена ерзо цунна ца лаахь, иза гӀалин кевне яха еза къаношна тӀе, иштта а олуш: „Сан марваша реза вац Исраилан халкъана юкъахь шен вешин тӀаьхье дӀаяхьа. Шен марвешин декхар кхочушдан ца лаьа цунна“. 8 ТӀаккха гӀалин къаноша, и стаг тӀе а кхайкхина, цуьнца къамел дан деза. Нагахь санна цо, дуьхьал а ваьлла: „Суна ца лаьа иза йига“, – алахь, 9 цуьнан несо, цунна тӀе а яхана, къаношна а гуш, цуьнан когара цуьнан мача схьа а яьккхина, цуьнан юьхь тӀе туйнаш а тоьхна, иштта ала деза: „Иштта дерг Исраилан къомана юкъахь шен вешин цӀа меттахӀотто лууш воцчунна до“. 10 ТӀаккха цуьнан цӀенна исраилхошна юкъахь цӀе туьллур ю „Мача дӀаяьккхинчун цӀа“, – аьлла».

## Кхиболу хьехамаш

11 «Нагахь санна божарий вовшахлетачу хенахь, оцу леташ болчеран цхьаннан зудчо, етташ волчун карара шен майра схьавакхха дагахь, царна тӀе а еана, шен куьг дӀа а кховдийна, оцу стеган бехке меттиг схьалацахь, 12 цуьнан куьг дӀахададе. Цунах къа ма хеталаш.

13 ‡‡Шун тӀоьрмаг чохь шина тайпана герканаш хила ца еза: дукха еза а, дукха яйн а. 14 Шун цӀа чохь шина тайпана бараман сахь а хила ца деза: дукха доккха а, дукха жима а. 15 Шун герканаш а, бараман саьхьаш а цӀена а, нийса а хила деза, шун Везачу Дала шуна луш долчу лаьтта тӀехь аша йоккхун йолу хан яхъялийтархьама. 16 ХӀунда аьлча харцдерг лелош волу милла а шун Везачу Далла дегаза хета».

## Ӏамалекхахойх лаьцна тӀедиллинарг

17 ‡‡†«Дагахь латтаде Мисар-махкара шу схьадогӀуш Ӏамалекхахоша шайна динарг: 18 новкъахь уьш шуна тӀелетира. Новкъахь шу кӀадделла а, хӀиттина а долчу хенахь, шуна тӀехьа богӀучу гӀелбеллачарна тӀелетира уьш. Ткъа уьш Деле ларамах буьзна бацара. 19 Иштта шун Везачу Дала массо а агӀор шун мостагӀех шаьш паргӀатдаьхча, шун долахь хилийтархьама шуна луш долчу лаьтта тӀехь Ӏамалекхахойн къам дагадаийтар стигал кӀелара дӀадаккхалаш, иза диц ма делаш».

## Дуьххьарлера ялта сагӀина лерина далар

26 «Шун Везачу Дала шуна кхочуьйтур долчу лаьтта тӀе а даьхкина, и латта шайн дола а даьккхина, шу цигахь даха охьахевшича, 2 ‡‡‡шун Везачу Дала шуна луш болчу мехкан лаьтто кхиийна мел долчунна тӀера дуьххьарлерчух цхьадерг, схьа а эцна, тускар чу дилла. Цаьрца шун Везачу Дала Ша Ӏайтархьама къастор йолчу метте дӀагӀо. 3 Оцу деношкахь гӀуллакх деш хин волчу динан дена тӀе а гӀой, аш иштта дӀаала: „Ас тахана шун Везачу Далла хьалха дӀахьедо, Везачу Эло тхан дайшна, *ваӀда* а дина, лур ду аьллачу лаьтта тӀе со схьавеана хилар“, – алий.

4 Динан дас и тускар, шун карара схьа а эцна, шун Везачу Делан сагӀа доккхучу кхерчана хьалха дӀахӀоттор ду. 5 Ткъа аша, дӀахьедар а деш, шайн Везачу Далла хьалха иштта дӀаала: „Сан ворхӀе а да ваьлла лелаш волу арамхо вара. Иза, Мисар-махка а вахана, кӀеззиг долчу адамашца ваха хиира. Цигахь цунах сийлахь а, нуьцкъала а, алсам долу а халкъ схьаделира. 6 Амма мисархой тхоьца къиза бара, цара тхуна гӀело а йора, тхоьга хала белхаш а бойтура. 7 Оха тхайн дайн Дела волчу Везачу Эле маьхьарца дийхира. Тхан мохь Везачу Элана дӀахезира. Цунна гира оха бала хьегар а, тхан хала белхаш а, тхуна еш йолу гӀело а. 8 ТӀаккха Везачу Эло тхо Мисар-махкара арадехира Шен нуьцкъалчу куьйгаца, тӀекховдийначу пхьаьрсаца, доккхачу къематца, инзаречу гӀуллакхашца, тамашийначу билгалонашца. 9 ХӀокху метте схьа а далийна, хӀара шуьрех а, мазах а дуьзна токхе латта тхуна схьаделира Цо. 10 Ткъа хӀинца, Веза Эла, Ахь суна

† 25:3 2 Коринтхошка 11:24. †† 25:4 1 Коринтхошка 9:9; 1 Тимапига 5:18. ‡ 25:5, 6 Маттай 22:24; Марк 12:19; Лака 20:28. ‡† 25:7-10 Рути 4:7, 8.

‡‡ 25:13-16 Ӏамалъяр 19:35, 36. ‡‡† 25:17-19 Арадаккхар 17:8-14; Шамъал 15:2-9. ‡‡‡ 26:2 Арадаккхар 23:19.

схьаделлачу лаьтто кхиийначу дуьххьарлерниг Хьуна деана ас“.

Иштта а алий, и тускар охьа а диллий, шайн Везачу Далла суждане гІо. [11] ТІаккха шун Везачу Дала шуна а, шун цІенна а деллачу рицкъах даккхийде – шу а, левихой а, шуна юкъахь Іаш болу тІебаьхкина нах а.

[12] †Шун лаьтто схьаделлачух массо а хІуманах уьтталгІа дакъа дІакъастийча, кхозлагІчу шарахь, уьтталгІа дакъа дІадаларна леринчу шарахь, иза левихочунна а, тІевеанчунна а, бона а, йисинчу зудчунна а дІало, цаьрга шайн гІаланашкахь юург яийтархьама а, уьш бузийтархьама а. [13] Цул тІаьхьа шун Везачу Далла хьалха иштта ала: „Хьуна дІакъастийна мел долу хІума сайн цІенна тІера схьа а эцна, иза левихочунна а, тІевеанчунна а, бона а, йисинчу зудчунна а дІаделла ас, Ахь суна тІедехкинчу Хьан дерриге а весеташа ма-бохху. Ас Хьан весеташ талха а ца дина, ас уьш диц а ца дина. [14] Со веллачунна тийжачу хенахь Хьуна дІакъастийначух хІумма а ца диира ас, со Хьуна хьалха цІена воцучу хенахь царах хІумма а схьа ца эцна ас, иштта царах хІумма а веллачунна сагІина дІа ца деллера ас. Сан Везачу Дала бохучунна муьтІахь хилира со. Ахь суна тІе мел диллинарг кхочушдира ас. [15] Хьо Іаш волчу езачу меттера схьа а хьажий, декъалбехьа Хьайн халкъ долу исраилхой, декъалдехьа Айхьа, тхан дайшна чІагІо ма-ярра, тхуна схьаделла долу, шуьрех а, мазах а дуьзна токхе латта“».

## Везачу Элан долахь долу халкъ

[16] «ХІокху дийнахь шун Везачу Дала весет до шуьга, хІара парзаш а, тІедехкинарш а кхочушде аьлла. Мел долчу даггара а, шайн мел долчу синца а кхочушделаш уьш. [17] Аша тахана шайн Везачу Эле дІахаийтина, Иза шун Дела вуйла а, Цуьнан некъашца шу лелар дуйла а, Цуьнан парзаш а, весеташ а, тІедехкинарш а аша лардийр дуйла а, Цуьнан озе шаьш ладугІур дуйла а. [18] ††Везачу Эло тахана чІагІо йина, шу Цуьнан долахь долу жовхІар ду аьлла, Цо ма-аллара, Цуьнан дерриш весеташ аша лардан деза. [19] Цо чІагІо йина, Ша мел кхоьллинчу халкъел шу лакхара а дина, сий а, сийлалла а, исбаьхьалла а долуш дІахІиттор ду аьлла. Хьан Везачу Далла хьалха, Цо ма-аллара, деза халкъ хир ду хьо».

## ТІулгашна тІехь товрат-хьехам дІаязбар

27 Мусас а, исраилхойн динан дайша а халкъана весет дира, иштта а олуш: «Ас тахана шайна тІе мел дуьллуш долу весеташ кхочушделаш. [2] ‡Шун Везачу Дала шайна луш долчу лаьтта тІе доьлхуш шаьш Йордан-хих дехьадевлча, цигахь шайна даккхий тІулгаш дІа а хІиттадай, царна *кир* тоха. [3] ТІаккха шун дайн Везачу Дала, шун дайшка шуна лур ду аьлла ма-хиллара, шун дола луш долчу, шуьрех а, мазах а дуьзначу токхечу лаьтта тІе довлархьама, шаьш Йордан-хих дехьадевлча, хІокху *товрат-хьехаман* дерриге а дешнаш оцу тІулгаш тІе дІаязде. [4] И тІулгаш, ас тахана шайна тІе-ма-диллара, шаьш Йордан-хих дехьадевлча, Іейбал-лам тІе дІа а хІиттаде, царна тІе кир а тоха. [5] ‡†Цигахь шайн Везачу Далла лерина аьчка гІирсаца ца хьаькхначу тІулгех сагІа доккху меттиг кечъе. [6] И меттиг, дийнначу тІулгех а кечъяй, дІахІоттае, оцу тІехь шайн Везачу Далла лерина сагІанаш даха. [7] Цигахь шайн Везачу Далла хьалха бертан сагІанаш а дахий, уьш дууш, даккхийдеш лела. [8] ХІокху товрат-хьехаман дерриге а дешнаш оцу тІулгаш тІехь дІаязде. Ткъа яздинарг дика дешалуш хилийта хьажа».

[9] Мусас а, левихой болчу динан дайша а Исраилан дерриге а халкъе иштта элира: «Исраилан халкъ, дист а ца хуьлуш, ладогІа соьга! ХІокху дийнахь хьох хьан Везачу Делан халкъ хилла. [10] ХІинца шайн Везачу Делан озе ладогІа, тахана ас шайга дІахьедеш долу Цуьнан весеташ а, парзаш а кхочушде».

## Деле ла ца догІарна неІалт кхайкхор

[11] Оцу дийнахь Мусас, иштта а олуш, халкъана тІедиллира: [12] ‡‡«Йордан-хих дехьадевлча, Герзим-лам тІехь хІара тайпанаш дІахІитто деза халкъ декъалдайтархьама: ШимІин, Левин, ЯхІудан, Иссарханан, Юсупан, Бен-Яманан тайпанаш. [13] Ткъа неІалташ дІакхайкхадайтархьама Іейбал-лам тІехь дІахІитто деза: Раабанан, Гадин, Ашаран, Забулан, Данан, Напталан тайпанаш. [14] Айдинчу озаца дІакхайкхош левихоша массо а исраилхошка иштта эр ду:

[15] ‡‡†„НеІалт хуьлда къайлахчу метте дІахІоттийначу тІулгах я дечигах я лалийна *цІу* винчунна! Пхьеран куьйгашца дина хІума бен дац иза, Везачу Элана иза дегаза хета“.

Дерриге а халкъо мохь тоьххна эр ду: „ *Амин*!“

[16] ‡‡‡„НеІалт хуьлда шен да я нана сийсаздаьккхинчунна!“

Дерриге а халкъо эр ду: „Амин!“

[17] §„НеІалт хуьлда шен уллорачун дозанаш талхош волчунна!“

Дерриге а халкъо эр ду: „Амин!“

[18] §†„НеІалт хуьлда бІаьрзениг некъа тІера галвоккхучунна!“

Дерриге а халкъо эр ду: „Амин!“

† 26:12 *Карлабаькkхинарг 14:28, 29.* †† 26:18 *Арадаккхар 19:5; Карлабаькkхинарг 4:20; 7:6; 14:2; Тите 2:14; 1 Кипин 2:9.* ‡ 27:2-8 *ЮшаІ 8:30-32.*

‡† 27:5, 6 *Арадаккхар 20:25.* ‡‡ 27:12 *Карлабаькkхинарг 11:29; ЮшаІ 8:33-35.* ‡‡† 27:15 *Арадаккхар 20:4; 34:17; Іамалъяр 19:4; 26:1; Карлабаькkхинарг 4:15-18; 5:8.* ‡‡‡ 27:16 *Арадаккхар 20:12; Карлабаькkхинарг 5:16.* § 27:17 *Карлабаькkхинарг 19:14.* §† 27:18 *Іамалъяр 19:14.*

[19] †„НеIалт хуьлда тIевеанчунна а, я бона а, я
йисинчу зудчунна а нийса кхелъяр талхош
волчунна!“
Дерриге а халкъо эр ду: „Амин!“
[20] ††„НеIалт хуьлда шен ден зудчуьнца
вижинчунна, шен ден дIавуьжу мотт цо
сийсазбаькхина дела!“
Дерриге а халкъо эр ду: „Амин!“
[21] ‡„НеIалт хуьлда хьайбанца дIавижинчунна!“
Дерриге а халкъо эр ду: „Амин!“
[22] ‡†„НеIалт хуьлда шен йишех, шен дена йинчу я
шен ненас йинчу йоIах куьг тоьхначунна!“
Дерриге а халкъо эр ду: „Амин!“
[23] ‡‡„НеIалт хуьлда шен стунненаца вижинчунна!“
Дерриге а халкъо эр ду: „Амин!“
[24] „НеIалт хуьлда къайлаха шен уллораниг вуьйш
волчунна!“
Дерриге а халкъо эр ду: „Амин!“
[25] „НеIалт хуьлда, бехк боцучу стеган цIий
Iанорхьама, кхаьънаш дохучунна!“
Дерриге а халкъо эр ду: „Амин!“
[26] ‡‡†„НеIалт хуьлда хIоранна а, хIокху товрат-
хьехамийн дешнаш кхочуш а ца деш, уьш чIагI ца
дечунна!“
Дерриге а халкъо эр ду: „Амин!“»

### МуьтIахь хиларна декъалвар

(Iамалъяр 26:3-13; Карлабаькkхинарг 7:12-24)

28 ‡‡‡«Шу шайн Везачу Деле ладугIуш а хилахь,
ас шуна тахана дуьйцуш долу, Цо
тIедиллинарг дерриг а кхочушдеш а хилахь, шун
Везачу Дала дуьнен чуьра массо а халкъал лакха
ойур ду шун халкъ. [2] Нагахь аша шайн Везачу Дала
аьлларг дахь, иштта декъалдар хир ду шуна:
[3] ГIалахь а, арахь а декъала хир ду шу.
[4] Декъала хир ду шух схьадаьлла чкъор, шун
латтах схьабаьлла стом, шун даьхнех – стерчех а,
койх а схьадаьлла *дохкана*.
[5] Декъала хир ду шун ялтин тускарш а, декъала
хир ду текхаш а.
[6] Декъала хир ду шу чудовлуш а, арадовлуш а.
[7] Шуна дуьхьалгIевттина мостагIий эшор бу
Везачу Эло: цхьана новкъахула шуна дуьхьалбевр
бу уьш, ткъа ворхI новкъахула шух бовдур бу уьш.
[8] Шун чIоьнашкахь а, шун куьйгаш дIакхеттачу
массо а хIуманна тIехь а декъалдар хуьлуьйтур ду
Везачу Эло. Ша лур ду аьллачу латта тIехь шу
декъалдийр ду шун Везачу Дала.
[9] Шун Везачу Дала тIедиллинарг кхочуш а деш,
Цуьнан некъашкахула шу лелахь, Цо шуна чIагIо
ма-ярра, шух Шен къастийна халкъ дийр ду.
[10] ТIаккха дуьнен чуьра дерриг а халкъаш шух
кхоьрур ду, Везачу Элан цIе шуна тIехь хилар а
гина. [11] Везачу Эло шуна массо а дикачу хIуманна
тIехь беркат хуьлуьйтур ду. Дуккха а бераш а
хуьлуьйтур ду шун, шортта дохкана а хуьлуьйтур
ду. Шуна лур ду аьллачу, шун дайшна Ша чIагIо
йинчу латта тIехь шортта ялта а хуьлуьйтур ду.
[12] Везачу Эло Шен беркате хазна – стигал
схьайоьллур ю шуна, оьшшучу хенахь шун латта
тIе догIа даийта, шун куьйгаша динчу гIуллакхех
беркат хилийта. Дуккха а халкъашна духалург дала
хIума хир ду шун, ткъа шайн духалург эца дезар
дац шун. [13] Нагахь шун Везачу Дала тIедиллинарг,
тахана ас шуьга Iалашде а, кхочушде а бохург, аш
кхочушдахь, Везачу Эло шу коьртехь хуьлуьйтур
ду, цIоганехь ца хуьлуьйтуш, шу лаккхахь хир ду,
лахахь доцуш. [14] Ас тахана бечу хьехамна тIера ма
довлалаш, аьтту я аьрру агIор а хьаьвзина, кхечу
деланашна тIаьхьа а хIиттина, царна Iамал
ярхьама».

### МуьтIахь ца хилча деш долу таIзар

(Iамалъяр 26:14-46)

[15] «Нагахь шайн Везачу Деле аш ла а ца догIахь,
ас тахана шайна хьоьхуш долу Цо тIедиллинарг
кхочуш а ца дахь, хIокху неIалтех хьалхадевр дац
шу:
[16] НеIалт хир ду шуна гIалахь а, арахь а.
[17] НеIалт хир ду шун ялтин тускаршна а, текхашна
а.
[18] НеIалт хир ду шух схьадаьллачу чкъурана а,
шун латтах схьабаьллачу стоьмана а, шун стерчех
а, уьстагIех а схьадаьллачу дохканна а.
[19] НеIалт хир ду шуна чудовлуш а, арадовлуш а.
[20] Шена тIера шу дIадерзарна, аш дечу муьлхха чу
гIуллакхна тIехь Везачу Эло неIалт а, дохар а, вон
болх а хуьлуьйтур бу шуна, шу хIаллакьхилла
дIадовллалц. [21] Шун доладан тIедоьлхуш долчу
латта тIера Ша хIаллакдина дIадаххалц, Везачу
Эло лен цамгар кхоьтуьйтур ю шуна. [22] Везачу Эло
хIоралла а, хорша а, хьу кхетар а, йокъа а, бовха
мох а, мекха а хоьцур ю шуна тIе. Цара хьийзор ду
шу хIаллакьхиллалц. [23] Шуна тIехуларчу стигалех
цIаста хир ду, бухаларчу латтах эчиг хир ду.
[24] ДогIанан метта, Везачу Эло чан лур ю шуна,
стигалара шуна тIеоьгур ю иза, шу хIаллакьхилла
дIадовллалц.
[25] Везачу Эло шайн мостагIашка эшадойтур ду шу.
Цхьана новкъахула царна дуьхьалдевр ду шу, ткъа
ворхI новкъахула царах довдур ду шу. Шуна
хилларг а гина, дуьнен чуьра массо а халкъаш
кхоьруш хир ду. [26] Шун декъий стигаларчу
олхазарша, латтарчу акхароша а дуур ду, уьш
дIакъахкош стаг а воцуш. [27] Мисархошна хилла
йолу даьIнаш долу цамгар а, дестар а, соьла оьху
даьIнаш а, кIамдар а кхоьтуьйтур ду шуна Везачу
Эло. Дарба ца далуш хир ю и цамгарш. [28] Везачу
Эло хьерадовлар а, бIарздалар а, Iадор а
хуьлуьйтур ду шуна. [29] Дийнан делккъехь са а ца
гуш, бIаьрзениг бодашкахь санна, лелар ду шу.

† *27:19 Арадаккхар 22:21; 23:9; Iамалъяр 19:33, 34; Карлабаькkхинарг 24:17, 18.* †† *27:20 Iамалъяр 18:8; 20:11; Карлабаькkхинарг 22:30.* ‡ *27:21 Арадаккхар 22:19; Iамалъяр 18:23; 20:15.* ‡† *27:22 Iамалъяр 18:9; 20:17.* ‡‡ *27:23 Iамалъяр 18:17; 20:14.* ‡‡† *27:26 Галатахошка 3:10.* ‡‡‡ *28:1-14 Карлабаькkхинарг 11:13-17.*

Шаьш арабаьккхинчу новкъахь аьтто хир бац шун.
Массо а хенахь ницкъ беш а, хьийзош а хир ду шу,
цхьаммо а гIо а доккхур дац шуьгахьа. 30 Зуда ялор
ю шух цхьаммо, амма кхин стаг вуьжур ву цуьнца
дIа. ЦIенош дийр ду аша, амма царна чохь Iийр дац
шу. Кемсаш югIур ю аша, амма пайда оьцур бац
царах. 31 Шун старана шун бIаьргашна хьалхха урс
хьоккхур ду, амма аша цуьнан жижиг дуур дац. Шун
вир, дIа а йигина, юхаялор яц шуна. Шун уьстагIий
мостагIашна дIалур ду, цхьаммо а гIо доккхур дац
шуьгахьа. 32 Шун кIентий а, йоIарий а кхечу
халкъана дIалур бу. Царна сагатдеш, де дийне мел
дели, бIаьрса худалур ду шун, дуьхьало ян а ницкъ
хир бац шун. 33 Шун лаьттах схьадаьлларг а, аш
къахьегнарг а шуна девзаш доцучу халкъо дуур ду.
Массо а хенахь ницкъ беш а, охьатаIийна а хир ду
шу. 34 Шайн бIаьргашна гучух хьерадевр ду шу.
35 Голаш тIехь а, настарш тIехь а, когийн айраш
тIера хьеюккъе кхаччалц дерза ца доьрзу даьIнаш
хьуьлуьйтур ду шуна Везачу Эло.

36 Шуна а, шун дайшна а ца девзачу халкъана тIе
дуьгур ду Везачу Эло шу а, аш шайна хаьржина
паччахь а. Цигахь дечиган а, тIулгийн а цIушна
Iамал йийр ю аша. 37 Везачу Эло шу дахийтинчу
мехкашкахь долу халкъаш шух инзардевлла хир ду,
шух доьлуш а, шуна вон луьйш а хир ду уьш.

38 Дуккха а ялта дIадуьйр ду аша, амма кIезиг
гулдийр ду, хIунда аьлча цIазо дуур ду иза.
39 Кемсаш, дIа а йийна, лелор ю аша, амма царах
даьлла долу чагIар а мер дац, кенаш а гулдийр дац,
хIунда аьлча нIаьно дIадуур ду уьш. 40 *Зайт-диттан*
стоьмаш хир бу шун лаьтта тIехь, амма даьтта хир
дац шун, хIунда аьлча хенал хьалха охьаоьгур бу и
стоьмаш. 41 КIентий а, йоIарий а хир бу шун, амма
уьш шуна буьсур бац, хIунда аьлча йийсаре буьгур
бу уьш. 42 Шун дитташ а, аренашкара ялташ а цIазо
хIаллакдийр ду. 43 Шуна юкъахь Iаш волу тIевеана
стаг вол-волуш шул лакха хьалавер ву, ткъа шу
охьадевр ду. 44 Цо шуьга духалург лур ду, ткъа шун
цуьнга дала хир дац. Иза коьртехь хир ву, ткъа шу
цIоганехь.

45 И дерриг а неIалташ шуна тIехь хир ду, шуна
тIера девр а дац уьш, шу хIаллакьхилла
дIадовллалц, хIунда аьлча аш шайн Везачу Деле ла
а ца дуьйгIира, Цо тIедиллинарг а, Цуьнан парзаш
а кхочуш а ца дира. 46 Шуна а, шун тIаьхьенна а
тIехь гуттар а йолчу ханна Дала шуна таIзар даран
билгало хилла лаьттар ду и неIалташ. 47 Дерриг а
шайн доллушехь, шайн Везачу Далла аш
самукъадаларца а, дага чохь даккхийдерца а Iамал
ца ярна хир ду иза шуна. 48 Везачу Эло шайна
тIеваийтинчу мостагIчунна децар ду шу, меца а,
хьогах а, дерзина а, къен а долуш. Дала шун
вортанна тIебиллинчу безачу мохьо Iазапехь
латтор ду шу. 49 Геннара, дуьненан йистера, халкъ
тIехоьцур ду шуна Везачу Эло. Аьрзу санна,
тIелеттачу цу халкъан мотт хуур бац шуна. 50 И нах
къиза хир бу, воккханиг а ца лоруш, жиманиг а ца
кхоош. 51 Цара шун даьхни а, шун лаьттах
схьадаьлла ялта а дуур ду, шу дакъазадаххалц.
Шуна бепиг а, чагIар а, даьтта а, стерчий а,
уьстагIий а дуьтур дац цара, шу хIаллакдаллалц.
52 Шун массо а гIалина тIе а летта, дерриг а шун
лаьтта тIера шун бIобулуш хилла лекха а, онда а
пенаш дохор ду цу халкъо. Шун Везачу Дала шуна
лучу лаьтта тIехь ерриг а шун гIаланашна тIелетар
бу уьш.

53 Шайн Везачу Дала белла болу, шайх схьабевлла
кIентий а, йоIарий а буур бу аша, мостагIаша го а
лаьцна, шаьш холчохь дисича. 54 Шуна юкъахь
хьолехь Iийна волу экам стаг а къинхетам боцуш
хьоьжур ву шен веше а, шена хьоме хетачу
зудчуьнга а, шеца дисинчу шен берашка а. 55 Ша
дууш долчу шен берийн дилха цхьанна а лур дац
цо, хIунда аьлча цуьнан хIумма а дуьсур дац, го а
лаьцна, мостагIаша массо а гIаланашкахь шу
балане лаьцча. 56 Шуна юкъахь томехь а, хьолехь а
Iийна зуда, экам хиларна а, хьолехь Iарна а лаьтта
ког а баккхаза йолу, къинхетам боцуш хьоьжур ю
шена хьоме хеттачу майрачуьнга а, шен кIанте а,
йоIе а. 57 †Ша дина бераш а, уьш хуьлуш шен дегIах
схьакъаьстина беран цIа а лур дац цо нахана,
хIунда аьлча дан амал ца хиларна къайлаха дуур ду
цо уьш, го а лаьцна, мостагIаша шайн
гIаланашкахь шу балане лаьцча.

58 Кху тептар тIехь яздина тIедиллинарг а,
хьехамаш а аша кхочуш ца бахь, шайн Везачу
Делан сийлахьчу а, буьрсачу а цIарах шу ца
кхерахь, 59 Везачу Эло шуна а, шун тIаьхьенна а
хала а, инзаре а, дIа ца доьрзу а ун а, луьра а, дIа
ца йовлу а цамгарш а кхоьтуьйтур ю.
60 Мисархошна кхетта долу, шу кхийрина долу ун
хуьлуьйтур ду шуна. Иза летар ду шух. 61 Кху тептар
тIехь язйина йоцу муьлхха а цамгар а, ун а
хуьлуьйтур ду шуна Везачу Эло, шу хIаллакдина
дIадовллалц. 62 Стигалара седарчий санна, шу дукха
хиллехь а, кIеззиг бен дуьсур дац шу, хIунда аьлча
шайн Везачу Деле ла ца дуьйгIи аш. 63 Шу алсам а
дохуш, шуна диканиг деш самукъа-ма-даллара, шу
хIаллакдеш а самукъадаьлла хир ву Веза Эла. Шайн
дола баккха тIедоьлхуш болчу махкара а лохкур ду
шу.

64 Лаьттан цхьана маьIIера вукху маьIIе кхаччалц,
массо а халкъашна юкъахь дIасадоькъур ду шу
Везачу Эло. Шайна а, шайн дайшна а ца бевзачу
дечиган а, тIулган а цIушна Iамал йийр ю аша. 65 Цу
халкъашна юкъахь синтем хир бац шуна, садаIа
меттиг хир яц шуна, Везачу Эло дагахь кхерам а,
сингаттам а, бIаьргашкахь кIаддалар а латтор ду
шуна. 66 Шун дахар гуттар а кхерамехь хир ду,
дийнахь а, буса а синтем боцуш, хиндолчух
бIобулуш хир дац шу. 67 Дагахь лаьтташ кхерам
хиларна а, шайн бIаьргашна гуш долчунна а
Iуьйранна аш эр ду: „Суьйре тIекхачахьара-кх!“ –
аьлла, ткъа сарахь эр ду: „Iуьйре тIекхачахьара-кх!“

† *28:57 ТIаьхьхьарнаш 6:28, 29; Тийжамаш 4:10.*

– аьлла. 68 Ас кхин цкъа а шуна иза гур бац аьллехь
а, Мисар-махка юхадуьгур ду шу Везачу Эло
хIордкеманаш тIехь. Цигахь шайн мостагIашна
дохкалур ду шу, леш а, гIарбашаш а хилла, амма шу
оьцуш цхьа а хир вац».

### Муаби-махкахь Везачу Элаца бина барт

29 Муаби-махкахь Везачу Эло Мусага
исраилхошца байта аьлла, тIебиллина болчу
бертан тIедожораш ду хIорш. Хьариб-ломана
уллохь Везачу Эло халкъаца бинчу бертал сов ду
уьш.
2 Берриг а исраилхой схьа а гулбина, Мусас
цаьрга иштта элира: «Шуна гина Везачу Эло шуна
хьалха Мисар-махкахь пирIунца а, цуьнан ялхошца
а, цуьнан дерриге а лаьттана а мел динарг. 3 Шайн
бIаьргашца шуна гина Цо мел хьегийтина
баланаш, Цо мел гайтина билгалонаш а,
тамашийна гIуллакхаш а. 4 Амма Везачу Эло
таханлера де тIекхаччалц ца деллера шуна дог,
шун кхетам хилийтархьама, бIаьргаш, шуна
гайтархьама, лергаш, шуна хазийтархьама.
5 Везачу Эло шуьга элира: „Шовзткъа шарахь
яьссачу аренгахула лелийра Ас шу. Шуна тIера
бедарш тиш ца елира, шун когара мачаш а тиш ца
елира. 6 Аша бепиг а ца доура, аша чагIар а, ниха а
ца муьйлура, амма Ас шуна кхача лора, шуна
хаийтархьама, Со шун Веза Дела вуйла“. 7 †ХIокху
метте схьадаьхкича, вайна дуьхьалбевлира
Хьешбон-гIалин паччахь волу Сихьон а, Башан-
мехкан паччахь волу IовгIа а, вайх
тасабалархьама. Амма вай уьш эшийра. 8 ††Церан
латта, схьа а даьккхина, Раабанан а, Гадан а
тайпанашна а, Маннашан ахтайпанна а
кхачийтира вай. 9 ХIокху бертан тIедожорашка, уьш
кхочуш а деш, ладугIуш хилалаш, аша мел ден
долчунна тIехь шайн кхиамаш хилийтархьама.
10 Шу массо а тахана шайн Везачу Далла хьалха
лаьтташ ду, – шун тайпанийн хьаькамаш, шун
къаной, шун тIехьовсуш берш, берриге а
исраилхойн божарий, 11 шун бераш, шун зударий,
иштта шун дечиг доккхуш волчунна тIера шун хи
кхоьхьуш волчунна тIекхаччалц болу шун
меттаматтахь Iаш болу тIебаьхкина нах. 12 Тахана
шу кхузахь лаьтташ ду шайн Везачу Дала шуьца
беш болчу барте дахкархьама а, оцу бертан
тIедожораш дIаэцархьама а, 13 тахана шух Цуьнан
халкъ хилийтархьама а, Цо шуьга ма-аллара а, шун
дай болчу ИбрахIиме а, Исхьакхе а, Якъубе а чIагIо
ма-ярра а. 14 Цо хIара барт бар а, цуьнан
тIедожораш дIаэцар а деккъа шуьца дина ца Iа.
15 Амма и барт тахана кхузахь вайца цхьаьна вайн
Везачу Далла хьалха лаьттачаьрца бина ца Iаш,
тахана кхузахь боцучаьрца а беш бу.
16 Шуна хууш ма ду, Мисар-махкахь вай муха
даьхна а, шу чекхдевллачу халкъийн мехкашна
юккъехула вай муха чекхдевлла а. 17 Шуна гира
дечигах а, тIулгах а, детих а, деших а бина а болу
церан дегаза цIуш. 18 ‡Ма хуьлийла-кх шуна юкъахь
стаг я зуда, доьзал я тайпа хIинца чул тIаьхьа шайн
Везачу Делах дог дIа а дерзийна, вукху халкъийн
деланашна гIуллакх дан оьхурш. Ма хуьлийла-кх
шуна юкъахь и санна долу хIума кхуьуьйтун болу
къаьхьа а, дIаьвше а орам. 19 Ма хуьлийла-кх шуна
юкъахь хIокху бертан тIедожораш а хезна, шен
дагахь ша хастийна стаг: „Со синтем болуш хир ву,
сайн деган лаамехь со лелашшехь“, – бохуш. Иштта
хIаллакьхир ду дерриг а халкъ. 20 Везачу Эло
иштташунна гечдийр дац, амма Везачу Элан
оьгIазлонан а, дераллин а цIе ер ю иштташу
стагана. Кху тептар тIехь яздина долу дерриге а
неIалташ цунна хир ду. Везачу Эло цуьнан цIе а
дIайойур ю лаьтта тIера. 21 Везачу Эло
хIаллакьхиларна дIакъастор ву иза массо а
Исраилан тайпанех, кху товрат-хьехаман тептар
тIерачу неIалташа ма-бохху.
22 Шул тIаьхьа тIекхуьучу тIаьхьенех долчу шун
берашна а, генарчу махкара хийрачу нахана а
хIара мохк дакъазабаккхар а, Везачу Эло
цамгаршца иза гIелбар а гур ду. 23 ‡†Дерриге а латта,
силам а, туьха а шена тIехь долу, цIе яьлла аре
хилла дIахIуттур ду. Цунна тIехь ялта дIадуьйр а
дац, ялта кхиор а дац. Цу тIехь цхьа а тайпа буц а
хьалаер яц. Иза хир ду Везачу Эло Шен чIогIачу
дераллица йохийна йолчу Седам а, Iамор а, Удам а,
Цхьабайма а олу гIаланашна хилларг санна.
24 Массо а халкъаша эр ду: „ХIун бахьана ду те
Везачу Эло оцу лаьттана иза дар? Цуьнан дераллах
иштта чIогIа цIе хIунда яьлла?“ 25 Цунна долу жоп
иштта хир ду: „Шун дайн Везачу Дала Мисар-
махкара шу арадаьхча, шайца бина барт дIа а
тесна, 26 бахана, кхечу деланашна гIуллакх деш а
бу, царна Iибадат деш а бу. Ткъа хьалха и деланаш
царна цкъа а ца бевзара, Цо пурба а ца деллера
оцу деланашна Iамал ян. 27 Цундела хIокху лаьттах
Везачу Элан оьгIазлонан цIе яьлла, Цо хIокху
тептар тIе яздинчу бертан дерриг а неIалташ царна
тIе хьажийна. 28 Уьш Везачу Эло Шен чIогIачу
оьгIазаллехь, дераллехь орамашца церан лаьтта
тIера дIа а даьхна, кхечу лаьтта тIе кхийсина,
хIинца вайна гуш ма-дарра“.
29 Къайлаха дерг вайн Везачу Делан ду, ткъа
дIаделладелларг – иза абаденналц вайна а, вайн
берашна а ду, вайга кху товрат-хьехаман дерриге а
дешнаш кхочушдайта».

### Везачу Элана тIедирзинчул тIаьхьа

30 «Ас дIахьедина долу хIара дерриге а дешнаш
– шу декъалдарх а, шуна неIалт кхайкхорах а
лаьцна долу – кхочушхилча, шун Везачу Дала шу
дIасадаржийначу халкъашна юкъахь аша уьш
дагадаийтахь, 2 шу а, шун бераш а доллучу дагца,
доллучу синца шайн Везачу Далла тIе дерзахь,

† 29:7 а: Лелар 21:21-30; б: Лелар 21:31-35. †† 29:8 Лелар 32:33.

‡ 29:18 Iебархошка 12:15. ‡† 29:23 Доладалар 19:24, 25.

Цуьнан озе аша ладогӀахь, тахана ас шуна тӀе-ма-
диллара, 3 тӀаккха шун Везачу Дала шун аьтто
юхаметтахӀоттор бу, шух а къинхетам бийр бу Цо.
Шун Везачу Дала, массо а халкъашна юкъа
дӀасадаржийна долу шу, схьа а гулдина,
цхьаьнатухур ду. 4 Стигала йисте кхаччалц шу
дӀасадаржийна делахь а, цигара а схьагулдийр ду
Цо, цигара а схьадалор ду. 5 Везачу Дала шун дайн
долахь хиллачу лаьтта тӀе схьадалор ду шу. И латта
шун дола дер ду. Цо шуна дика мел дерг а дийр ду,
шун дайл а дукха шу доьбуьйтур а ду. 6 Шун Везачу
Дала шун а, шун тӀаьхьенан а дегнаш тӀера
пардонаш дӀахедор ду, шайн Веза Дела шуна
доллучу дагца, доллучу синца везийтархьама а, шу
дахийтархьама а. 7 ТӀаккха шун Везачу Дала
дерриге а ас дӀахьедина долу неӀалташ шу
дӀалаьхкинчу шун мостагӀашна а, шу цадезачарна
а тӀедерзор ду. 8 Ткъа шу Везачу Элана тӀе а доьрзур
ду, аша Цуьнан озе ла а дугӀур ду, ас тахана шайна
тӀедуьллуш долу дерриг а Цуьнан весеташ кхочуш
а дийр ду. 9 Шун Везачу Дала шун куьйгаша мел
дечу гӀуллакхашна тӀехь а, шун кийрара а, шун
хьайбанех а, шун лаьтта тӀера а схьадаьллачунна
тӀехь а тӀех дукха кхиамаш хуьлуьйтур бу. ХӀунда
аьлча Веза Эла, шуна дика а деш, шух юха а
воккхавийр ву, шун дайх воккхавеш ма-хиллара.
10 Иза иштта хир ду, нагахь санна шайн Везачу
Делан озе аша ладогӀахь, кху товрат-хьехаман
тептар тӀехь дӀаяздина долу Цуьнан весеташ а,
парзаш а лардарца, нагахь санна шайн доллучу
дагца, доллучу синца шайн Везачу Далла шу
тӀедерзахь».

### Везачу Эло тӀедиллинарг дукха хала дац

11 «Ас шуна тӀедуьллуш долу хӀара весет шу
кхетийла доцуш а дац, гена а дац. 12 †Иза
стигалшкахь а дац, цундела иштта ала ца деза аша:
„Мила вер ву стигалшка хьала, иза, кхуза охьа а
далийна, вайна схьахазийта, ткъа вай тӀаккха
кхочушдийр ма дара иза?“ 13 Иза хӀордал дехьа а
дац, цундела иштта ала ца деза аша: „Мила вер ву
хӀордал дехьа, иза, кхуза схьа а деана, вайна
схьахазийта, ткъа вайга тӀаккха кхочушдалур ма
дара иза?“ 14 ХӀан-хӀан! И дош шуна дикка юххехь а
ду, иза шун матта тӀехь а, даг чохь а ду аша
кхочушдархьама».

### Шайна дахар харжа

15 «Иштта, тахана ас шуьга харжам бойту. Цхьана
агӀор дахар а, аьтто а бу. Вукху агӀор Ӏожалла а,
бохам а бу. 16 Нагахь санна тахана ас шайна
тӀедуьллуш долчу шун Везачу Делан весеташка
аша ладогӀахь, – шайн Веза Дела везар, Цуьнан
некъашца лелар, Цуьнан весеташ а, Цуьнан
парзаш а, Цуьнан тӀедехкинарш а лардар – шу
дехар а ду, шу дебар а ду, шайн дола даккха шу
тӀедоьлхучу лаьтта тӀехь шу декъал а дийр ду.
17 Нагахь санна, шун дог юха а даьлла, аша ла ца
догӀахь, кхечу деланашна Ӏибадат дархьама а,
царна гӀуллакх дархьама а шу дӀаозор ду кхечара,
18 ас дӀахьедо шуьга: шу хӀаллак а хир ду, Йордан-
хина дехьа а девлла, шайн дола даккха, шаьш
тӀедоьлхучу лаьтта тӀехь шу дукха дехар а дац. 19 Ас
тахана тӀекхойкху стигал а, латта а, аша бен болчу
харжаман тешаш хила. Ас шуьга харжийта дӀало
дахар я Ӏожалла, декъала хилар я неӀалт
кхайкхийна хилар. Шайна дахар харжа шу а, шун
тӀаьхье а яхийтархьама а, 20 ††шайн Веза Дела
везарца а, Цуьнан озе ладогӀарца а, Цунах
дӀакхетарца а. Шу иштта лелахь, Везачу Дала шун
дайшна, ИбрахӀимна а, Исхьакхана а, Якъубана а,
лур ду аьлла чӀагӀо йинчу лаьтта тӀехь шу а, шун
тӀаьхье а ехха Ӏийр ю».

### Мусал тӀаьхьа ЮшаӀ куьйгалхо хилар

31 Мусас берриг а исраилхошка кхидӀа а хӀара
дешнаш элира: 2 ‡«Сан хӀинца бӀе ткъа шо
кхаьчна. Соьга хӀинца шуна тӀехь куьйгалла ца
дало. Везачу Эло соьга иштта аьлла: „Хьо хӀокху
Йордан-хих дехьавалалур вац“. 3 Шун Веза Дела
шуна хьалхаваьлла Ша гӀур ву. Цо хӀара халкъаш
шун юьхь-дуьхьалара хӀаллакдина дӀадохур ду,
тӀаккха аша церан латтанаш шайн дола дохур ду.
ЮшаӀ, Везачу Эло ма-аллара, шуна хьалхаваьлла
гӀур ву. 4 ‡†Везачу Эло царна а, Ша хӀаллакбинчу
эмархойн паччахьашна Сихьонна а, ӀовгӀина а,
церан мехкашна а диннарг дийр ду. 5 Везачу Эло
уьш шун кара дӀалур бу, ткъа аша ас шайна
тӀедиллинчу дерриге а весеташа боххург дан деза
цаьрца. 6 ЧӀагӀлолаш, доьналла долуш хилалаш,
царах кхера а ма лолаш, Ӏада а ма делаш, хӀунда
аьлча шун Веза Эла Ша хьалхавер ву шуна. Иза
шух дӀавоьрзур а вац, Цо шу дӀатосур а дац».
7 ЮшаӀ берриге а исраилхошна хьалха шена тӀе а
кхайкхийна, Муса цуьнга иштта вистхилира: «ЧӀагӀ
а ло, доьналла долуш а хила, хӀунда аьлча оцу
халкъан Везачу Эло церан дайшна лур ду аьлла
чӀагӀо йинчу лаьтта тӀе хьо хьалха вер ву, ткъа ахь
оцу халкъе и латта шен дола доккхуьйтур ду.
8 ‡‡Веза Эла Ша гӀур ву хьуна хьалхаваьлла, Иза
шуьца хир ву. Иза хьох дӀавоьрзур а вац, Цо хьо
дӀатосур а вац. Кхера а ма ло, дог а ма доха».

### ВорхӀ шарахь цкъа халкъана хьалха товрат-хьехам бешар

9 ХӀара *товрат-хьехам*, дӀа а язбина, Везачу Элаца
бинчу бертан тӀорказ лелочу левихойх болчу динан
дайшка а, исраилхойн массо а къаношка а
дӀабелира Мусас. 10 ‡‡†Весет а деш, Мусас иштта
элира: «ВорхӀ шо чекх мосазза долу, декхарш

† 30:12-14 *Римхошка 10:6-8.*

†† *30:20 а: Доладалар 12:7; б: Доладалар 26:3; в: Доладалар 28:13.* ‡ *31:2 Лелар 20:12.* ‡† *31:4 Лелар 21:21-35.* ‡‡ *31:8 ЮшаӀ 1:5; Ӏебархошка 13:5.* ‡‡† *31:10 а: Карлабаьккхинарг 15:12; б: Карлабаьккхинарг 16:13-15.*

гечдаран шарахь, кхалорийн дезачу деношкахь,
11 берриге а исраилхой шун Везачу Далла хьалха
дIахIитта баьхкича, хIара товрат-хьехам массо а
исраилхошна дIахозуьйтуш, Везачу Эло къастор
йолчу меттехь дIабешалаш. 12 Схьагулделаш халкъ:
божарий, зударий, бераш, шун гIаланашкахь хин
болу шуна тIебогIун берш а. ЛадогIийта цаьрга,
Iамийта уьш шун Везачу Деле ларамах дуьзна хила
а, хIокху товрат-хьехаман дерриге а дешнаш
леррина кхочушдайта а. 13 ХIара хууш доцу церан
бераш а, хIара дIа а хезна, шайн дола
даккхархьама Йордан-хих шу дехьадовлучу хIокху
лаьтта тIехь шу мел деха, массо а дийнахь шайн
Везачу Деле ларамах дуьзна хила Iемар ду».

## Везачу Эло Мусана дина тIаьххьара весеташ

14 Везачу Эло Мусага иштта элира: «Хьо дIакхелха
денош тIекхочуш ду. ЮшаI тIе а кхайкхий, гуламан
четарна чу воллучохь совца. Ас иза Исраилан
халкъана тIехь куьйгалхо санна къобалвийр ву».
Муса а, ЮшаI а, ший а схьа а веана, гуламан
четарна чу воллучохь сецира. 15 Веза Эла мархин
бIогIамехь четарна улло веара. И мархин бIогIам
гуламан четарна чу воллучу метта тIехула
дIахIоьттира.
16 Везачу Эло Мусага элира: «Хьо хIинца, дIа а
кхелхина, хьайн дайх дIакхетар ву. ТIаьхьо хIара
халкъ, Суна тешнабехк а бина, ша тIедоьдучу оцу
лаьттан нехан деланашна тIаьхьахIуттур ду. Цара
Со дIатосур ву, цара Ас шайца бина болу барт
талхор бу. 17 Оцу дийнахь Ас Сайн оьгIазалла тосур
ю царна тIе. Ас уьш буьтур бу. Ас царах Сайн юьхь
дIакъовлур ю, ткъа и халкъ хIаллакдина хир ду,
цунна тIе дукха халонаш а, баланаш а буьссур бу.
ТIаккха оцу дийнахь халкъо эр ду: „ХIара халонаш
вайн Веза Эла вайна юкъахь воцу дела-м ца еана
те вайна тIе?“ 18 Ас оцу дийнахь Сайн юьхь
дIакъовлур ю царах, кхечу деланашна тIе а
бирзина, цара лелийна харцонаш бахьана долуш.
19 Муса а, ЮшаI а, хIокху назманан дешнаш
шайна дIаязделаш. Ткъа ахь, Муса, и назма
исраилхошна Iама а яй, церан багахь хилийта
цунах Ас царна дуьхьал деш долу тоьшалла
хилийтархьама. 20 Церан дайшка Айса чIагIо ма-
ярра, шуьрех а, мазах а дуьзначу токхечу лаьтта тIе
буьгур бу Ас уьш. Юуш а, бузуш а бехар бу уьш,
барста а берстина, кхечу деланашна тIе а бирзина,
царна гIуллакх деш лелар бу уьш. Ткъа Сох дIа а
бирзина, Ас шайца бина барт бохор бу цара.
21 Шайна тIе дуккха а халонаш а, баланаш а
хIиттича, хIара назма царна дуьхьал долу
тоьшалла хир ду, хIунда аьлча иза церан а, церан
тIаьхьенан а багара схьадер дац. Суна хаьа церан
хIинца йолу ойланаш, царна лур ду аьлла Ас чIагIо
йинчу дикачу лаьтта тIе уьш дIа а бигале хилла
йолу».
22 Мусас оцу дийнахь и назма, дIа а язйина,
исраилхошна Iамийра.
23 †Везачу Эло, Нунин кIант ЮшаI куьйгалхо санна
къобал а веш, цуьнга иштта элира: «ЧIагI а ло,
доьналла долуш а латта, хIунда аьлча Ас цаьрга
чIагIо йинчу лаьтта тIе ахь буьгур бу уьш. Со
хьоьца хир ву».
24 Мусас, хIокху товрат-хьехаман дерриге а
дешнаш чекхдовллалц тептар тIе яздина ша
ваьлча, 25 Везачу Элаца бинчу бертан тIорказ
лелош болчу левихошка иштта а олуш, омра дира:
26 «ХIара товрат-хьехаман тептар, схьа а эций,
шайн Везачу Делаца бинчу бертан тIорказна улло
охьадилла. Цигахь цо шуна дуьхьал тоьшалла дийр
ду. 27 ХIунда аьлча суна евза шун юхахьаралла а,
аьрхалла а. ХIинца а, со шайца вехаш волуш а
Везачу Элана хьалха юхахьара долу шу, со
дIакхелхича, кхин а чIогIа иштта хир дац ткъа шу?
28 Шайн массо а тайпанийн къаной а, баьччанаш а
суна тIекхайкха. Ас царна дIахозуьйтуш дIаэр ду
хIара дешнаш, ткъа царна тIе тоьшалла дайта ас
стигал а, латта а тIекхойкхур ду. 29 ХIунда аьлча
суна хаьа, со дIакхелхича шу баккъалла а телхина
хир ду, ас весет динчу некъа тIера шу дIадевр ду.
Хан яьлча, шуна тIе халонаш хIуьттур ю. Иза хир ду
шайн Везачу Далла хьалха аша зуламаш дийр долу
дела, шайн куьйгаша дечуьнца Иза дар а
волуьйтуш».

## Мусан назма

30 Мусас, исраилхойн массо а гуламна
дIахозуьйтуш, хIокху назманан дерриге а дешнаш
чекхдовллалц дIаэлира.

32 «Тергам бе, стигал, со вистхир ву.
Лаьтто а ладогIа сан багара долучу
дешнашка.
2 Сан хьехам, догIа санна, охьаоьхур бу,
сан къамел, тхи санна, охьадогIур ду,
сеналлина тIе догIу дерз санна хир ду,
бацана тIе кхевсина догIа санна хир ду.
3 Ас Везачу Элан цIе хьалаойур ю.
Вайн Далла дIало сийлалла!
4 Иза *тарх* а ю, Цуьнан гIуллакхаш кхоччуш а ду.
Цуьнан дерриге а некъаш нийса ду.
Иза тешаме Дела ву, Цо харцо а ца йо.
Иза нийса а ву, билггал бакъ а ву.
5 Ткъа уьш телхина лелара Цунна хьалха,
Цуьнан берашна ца догIучу тайпана.
Цундела цара къа латийна Цунна дуьхьал,
иза аьрха а, телхина а гара ма ду ††.
6 ХIай сонта, ца кхеташ долу халкъ,
иза ду аша Везачу Элана дIалуш дерг?
Иза вац ткъа шун Да, шу хилийтина а,
шу кхоьллина а, шу дIатардина а волу?

† *31:23 Лелар 27:23; ЮшаI 1:6.* †† *Ткъа уьш телхина лелара Цунна хьалха, Цуьнан берашна ца догIучу тайпана. Цундела цара къа латийна Цунна дуьхьал, иза аьрха а, телхина а гара ма ду *– я иштта: *Ткъа аша къинош летийна Цунна дуьхьал, шу, исраилхой, телхина а, гамделла а гара ду! Аша далийтина зуламаш бахьана долуш, Делан бераш дац шу кхин!**

[7] Дагаяийта шира хенаш,
ойла ел ширачу заманах лаьцна.
Хаттал шайн дайшка, цара дуьйцур ду шуьга,
шайн къаношка а хатта – цара а дуьйцур ду шуьга.
[8] †Ша къаьмнашна латтанаш а кхочуьйтуш,
Веза Воккхачо адамаш доькъучу хенахь,
Цо хIора халкъана шен-шен доза дIахIоттийра,
стигалийн гуламан терахье хьаьжжина ††.
[9] ХIунда аьлча Везачу Элан дакъа Цуьнан халкъ ду.
Якъубах схьадолу къам Цуьнан долахь дерг ду.
[10] Цунна и халкъ яьссачу аренгахь карийнера,
гIийлачу а, мох хьоькхучу а аренгахь.
Цо иза лардора, хьоьжура цуьнга,
Шен йоIбIаьрг санна, Iалаш а дора.
[11] Шен бене хьоьжу аьрзу санна,
кIорнешна тIехула хьийза аьрзу санна,
Везачу Эло Шен тIемаш дIасадаржадо,
тIемаш тIехь Шен халкъ лелорхьама.
[12] Везачу Эло Ша леладора Шен къам.
Цуьнца кхечу къоман дела вацара.
[13] Цо иза лаьттан локхаллина тIехь леладойтура.
Цо иза аренаш тIехь хьалаяьллачух дузадора,
тIулгах схьа долу моз а, чIогIачу тархах
схьадолу зайтдаьтта а даадора цунна.
[14] Цо бежанийн кIалд, жийн шуьреш,
дерстина Iахарий а, гезарий а,
Башанера тоьлла долу бежанаш а,
тоьлла долу кIа а даадора оцу халкъана.
Кемсех даькккхина долу чагIар муьйлура цара.
[15] Сан хьоме халкъ ‡, стам а делла, аьрхаделира.
Кхачанах а дуьзна, иза дерстина хилира.
Шаьш кхоьллина волу Дела дIатесира цара,
шайн кIелхьарбовларан тархах ца бешира уьш.
[16] Кхин деланаш бахьана долуш Иза карзахваькккхира цара,
шайн дегазчу цIушца Иза оьгIазвахийтира цара.
[17] ‡†Деланаш боцучу жинашна сагIанаш дохура цара, –
хьалха шайна бевзаш ца хиллачу деланашна,
хIинцца гучубевллачу керлачу деланашна,
церан дай ларамах буьзна ца хиллачу деланашна.
[18] Ткъа шаьш дуьнен чу даьхна Тарх йицйира цара.
Шаьш кхоьллина волу Дела дага ца вогIура царна.
[19] Иза ган а гина, Веза Эла царах дIавирзира,
Шен кIенташа а, мехкарша а Иза оьгIазвахийтина дела.
[20] Цо элира: „Ас Сайн юьхь къайлайоккхур ю царах,
царах хинйолу чаккхе гур ю Суна,
хIунда аьлча уьш телхина гара ду,
уьш тешаме доцу бераш ду.
[21] ‡‡Дела воцучуьнца цара хьагI хилийтина Сан,
баьссачу цIушца оьгIазло хилийтина Соьгахь.
Ткъа халкъ доцучуьнца Аса хьагI хуьлуьйтур ю церан,
кхетам боцучу къомаца Аса оьгIазло хуьлуьйтур ю цаьргахь.
[22] ХIунда аьлча Сан оьгIазаллех цIе яьлла,
лахарчу эхарте кхаччалц дагадо цо.
ЦIаро латта доу лаьтто кхиийначуьнца цхьаьна,
чахчош ду лаьмнийн кIажаш.
[23] Ас царна тIе халонаш йоуьйтур ю,
Сайн пхерчий а кхачор ду, царна тIекхиссина.
[24] Уьш мацалло гIелбийр бу,
хIаллакбийр бу дагаро а, луьрачу уьно а.
Ас акхаройн цергаш а, лаьттара текхаргийн
дIовш а тухур ду царна.
[25] Уьш туьро арахьа хIаллакбийр бу,
ткъа цIа чохь – кхерамо:
къонах а, йоIстаг а,
декхаш долу бер а, къежвелла къано а.
[26] Сан ала йиш яра: ‘ДIаса а баржийна,
адамашна юкъара уьш дагахь хилар а дIадоккхур ду Ас’.
[27] Делахь а Ас иза ца деш дитира, мостагIийн кхардарх къахкарна,
церан мостагIий кура а бовлийтина,
цаьрга ца алийтархьама: ‘Тхан куьг деха ду,
Везачу Эло ца динера хIара-м’’.
[28] Исраилан къам хьекъалх даьлла халкъ ду,
цаьрга хIуманаш къаста а ца ло.
[29] ЭхI-хIай-кх! Хьекъал долуш белахьара уьш,
тIаккха уьш дикка кхетар бара,
шайна хиндерг къастор дара цара!
[30] Эзарна тIаьхьа цхьа мостагIа муха валалур вара,
шина мостагIчуьнга итт эзар исраилхо муха дIавадийталур вара,
нагахь санна церан Тархо уьш ца боьхкича,
нагахь санна Везачу Эло уьш кара ца белча!
[31] Уьш тIетевжа тарх вайн Тархах тера ма яц:
вайн мостагIий шаьш бу оцу тIехь кхелахой.
[32] Седам-гIалин кемсийн гаьннаш тIера а,
Iамор-гIалина уллохь йолчу аренашкара а
ю вайн мостагIийн кемсаш.
Церан кемсийн буьртигаш дIаьвше ду,
церан кенаш къаьхьа ду.
[33] Церан чагIар – лаьхьарчийн дIовш а,
текхаргийн валаран талу а ду.
[34] „Соьгахь къайладаькккхина-м дац те иза? – боху Везачу Эло. –
ХIуманаш латточу Сан чоьнаш чохь-м дац те иза дIакъевлина?
[35] ‡‡†Бекхам Соьгахь бу, Ас хьакъ дерг дIалур ду.
Хан тIееача, церан ког галбер бу.
Церан хIаллакьхиларан де герга ду,

† *32:8 Векалийн 17:26.* †† *Цхьана ширачу гочдар тIехь: *стигалийн гуламан терахье хьаьжжина. *Iебархойн тептар тIехь: *исраилхойн терахье хьаьжжина.** ‡ *Сан хьоме халкъ *– Iебархойн тептар тIехь, ма-дарра аьлча, «Яшурон» дIаяздина ду. Иза Исраилан халкъан кхин цIе ю, ткъа иза «бакъахьараниг» маьIна долуш ду.** ‡† *32:17 1 Коринтхошка 10:20.*

‡‡ *32:21 а: 1 Коринтхошка 10:22; б: Римхошка 10:19.* ‡‡† *32:35 Римхошка 12:19; Iебархошка 10:30.*

церан къемате кхоллам тIекхочу“.
36 †Везачу Эло Шен халкъ бехказа а доккхур ду,
Шена гIуллакх дечарах Цо къинхетам а бийр бу,
церан куьг гIелделла Шена гича а,
набахтехь берш а, арахь берш а ца бисча.
37 Везачу Эло халкъе эр ду: „Мичахь бу деланаш,
царах тешна шу Iийна йолу тарх,
38 аша сагIина деанчух мохь йиина болу,
сагIина деанчух чагIар мийлина болу?
Шайна гIо дайта хьалагIовттийта уьш,
хилийта царах шайна тхов кIело!
39 Хьажал хIинца, веккъа Со Дела хилар,
Со воцург кхин цхьа а Дела ца хилар.
Ас долуьйту, Ас дендо, Ас чов йо, Ас тобо,
Сан куьйгах цхьаьнгге а кIелхьардахалур дац.
40 Сайн куьг стигалшка хьала а айина,
абаденналц долчу Сайн дахарх чIагIо йо Ас:
41 ‘Сайн къегаш долу тур Ас ирдича,
Сан куьйго кхел яран герз схьаэцча,
Ас бекхам бийр бу Сайн мостагIашна,
Со ца везачарна а дийр ду царна доггIург.
42 Ас Сайн пхерчий цIийх дузор ду,
байинчеран а, йийсарехь болчеран а цIийх.
Сан туьро дилха дIа а кхоллур ду,
оцу хаьржинчу мостагIийн хьаькамийн кортош’“.
43 ††Яккхийе, стигалш, Везачу Элаца цхьаьна!
Цунна хьалха охьатаьIийла стигалшкахь мел берш!
Даккхийде, къаьмнаш, Цуьнан халкъаца цхьаьна!
ЧIагIлойла Делан долу массо а маликаш! ‡
Цо бекхам бийр бу Шен ялхошна тIера,
Цо бекхам бийр бу Шен мостагIашна,
Шен лаьттан а, Шен халкъан а къинош дIадохур ду!»
44 Муса халкъана тIевеара, оцу назманан дешнаш цо а, Нунин кIанта ЮшаIа а халкъана дIахазийтира.

### Мусас дина весет

45 Оцу назманан дерриге а дешнаш берриге
исраилхошка ша дIааьлла ваьлча, 46 Мусас цаьрга
иштта элира: «Ас тахана шайна дIахьедина долу
дерриге а дешнаш шайн даг тIе дижийта. Шайн
берашна тIедилла, хIокху товрат-хьехаман дерриге
а дешнаш леррина кхочушдар. 47 ХIунда аьлча иза
шуна эрна дерг дац, иза – шун дахар ду. Шу
цуьнгахула дуккха а дехар ду, шайна дола
даккхархьама Йордан-хих шу дехьадовлучу оцу
лаьтта тIехь».

### Муса дIакхалхархь лаьцна

48 ‡‡Оццу дийнахь Везачу Эло, Мусага вистхуьлуш,
иштта элира: 49 «Iабарим лаьмнашна тIе хьала а
валий, муабахойн лаьтта тIехь Ерихон-гIалина
дуьхьал болчу Набу-лома тIе а валий, дIахьажа
КанаIан-махке, Ас исраилхошна дола дIалуш долчу
лаьтте. 50 Хьо хьалаволучу оцу лам тIехь хьо, вала а
велла, хьайн халкъах дIакхетар ву, ХIор-лам тIехь
вала а велла шен халкъах дIакхетта волу хьан ваша
АхIарон санна. 51 Иза иштта хир ду, исраилхошна
юкъахь, Кхадеш-гIалина уллохь йолчу Мериба-
меттиган хиш долчохь, яьссачу Цин олучу
аренгахь, шуьшиъ Суна тешаме воцучу тайпана
лелла дела а, веза волчу Суна богIу ларам аша
шимма ца гайтина дела а. 52 Геннара бен и латта
гур дац хьуна. Ас исраилхошна луш долчу лаьтта
тIе вер вац хьо».

### Исраилхойн тайпанаш декъалдар

33 Ша дIакхалхале, Делан стаг волчу Мусас, исраилхой декъалбеш, аьлла дешнаш хIорш ду. 2 Цо элира:
«Веза Эла Синай-ломера схьавеана,
СеIир-махкара халкъана тIе, сатасар санна, гучуваьлла,
Иза Паран-ломара нахана тIе къегаш хилла.
Вуно дукха маликаш дара Цуьнца цхьаьна,
Цуьнан аьтту куьйгахь стелахаьштиг дара ‡‡.
3 Шен халкъ баккъалла а деза Цунна,
Цо дIакъастийнарш Цуьнан карахь бу.
Цуьнан когашка охьа а таьIа уьш,
Цуьнгара хьехам дIа а оьцу цара.
4 *Товрат-хьехам* вайна Мусас белла,
иза Якъубан юкъараллин тIаьхьало ю.
5 Веза Эла Шен хьомечу халкъана ‡‡† тIехь паччахь хилира,
халкъан баьччанаш тайпанашца цхьаьна гуллучу хенахь».
6 Раабанхойх лаьцна Мусас элира:
«Дехийла Раабанан тайпа, ма лойла иза,
амма оцу тайпанах берш кIезиг хуьлийла!»
7 Ткъа яхIудхойх лаьцна хIара элира:
«ДIахазахьа, Веза Эла, яхIудхоша орца даккхар,
кхечу тайпанех кхин а дIакхетабехьа уьш.
Шаьш лардан чIагIдехьа церан куьйгаш.
Хилахьа царна мостагIашна дуьхьал волу гIоьнча».
8 ‡‡‡Левихойх лаьцна а иштта элира:
«Хьан Тумим-тIулг левихошна дIабелла §,

† 32:36 Забур 134:14. †† 32:43 Римхошка 15:10; Довзийтинарг 19:2; Iебархошка 1:6. ‡ Грекийн гочдар тIехь: *Яккхийе, стигалш, Везачу Элаца цхьаьна! Цунна хьалха охьатаьIийла стигалшкахь мел берш! Даккхийде, къаьмнаш, Цуьнан халкъаца цхьаьна! ЧIагIлойла Делан долу массо а маликаш! *Iебархойн тептар тIехь: *Даккхийде, къаьмнаш, Цуьнан халкъаца цхьаьна!*

‡‡ 32:48-52 Лелар 27:12-14; Карлабаьккхинарг 3:23-27. ‡‡ Цуьнан аьтту куьйгахь стелахаьштиг дара *– я иштта: *аьтту куьйгахь цIеран Iедал дахьаш вара.* ‡‡† Шен хьоме халкъ *– Iебархойн тептар тIехь, ма-дарра аьлча, «Яшурон» дIаяздина ду. Иза Исраилан халкъан кхин цIе ю, ткъа иза «бакъахьараниг» боху маьIна долуш ду.* ‡‡‡ 33:8 а: Арадаккхар 28:30; б: Арадаккхар 17:7; в: Лелар 20:13. § Цхьана ширачу гочдар тIехь: *левихошна дIабелла. *Iебархойн тептар тIехь и дешнаш дац.*

Хьан Урим-тIулг Хьуна тешамечеран долахь бу.
Ахь уьш Массехь зийнера,
Мериба-хиш долчохь цаьрца къийсинера.
9 Шайн дайшка а, наношка а хьежаран метта,
шайн вежарий лараран метта,
шайн бераш довзаран метта,
левихоша Хьан дош лар а дина,
Ахь бина барт Iалаш а бина.
10 Цара Хьан тIедехкинарш Якъубан тIаьхьенна Iамадо,
ткъа Хьан товрат-хьехам исраилхошна Iамабо.
*Хаза хьожа йогIу хIума* цара Хьуна хьалха охьаюьллу,
Хьан сагIа доккхучу кхерча тIехь дийнаташ дагоран сагIанаш доху.
11 Веза Эла, декъалбехьа церан бахам,
ткъа цара мел дечунна реза хилахьа.
Царна дуьхьал гIовттучарна а, уьш ца безачарна а
уьш цкъа а хьала ца гIовттал чIогIа тохахьа».
12 Бен-яманхойх лаьцна иштта элира:
«Иза Везачу Элан уггар хьоме тайпа ду,
кхерам боцуш Иза волчохь дехаш ду.
Дийнахь сарралц Везачу Эло иза лар а до,
Цуьнан куьйгаш тIехь и тайпа Iуьллуш а ду».
13 Юсупхойх лаьцна иштта элира:
«Везачу Эло декъалдойла церан латта
стигалара охьадогIу совгIат долчу тхица,
лаьтта бухара хьаладолучу хишца,
14 малхо кхиийначех тоьллачуьнца,
хIора баттахь хуьлучу ялтех уггар дикачуьнца,
15 ширачу лаьмнаша исбаьхьа кхоьллинчуьнца,
даим долчу баьрзнийн тоьллачу совгIаташца,
16 лаьтто лучу совгIаташца, и латта дузуш долчуьнца.
Коканийн коьллашкахь Гучуваьллачун
декъалалла хуьлийла Юсупан тайпан тIехь,
вежаршна юкъара куьйгалхо иза волу дела.
17 Юсупан тайпа хьалха дуьнен чу баьлла сту санна ду.
Цуьнан маIаш гомашан маIаш санна ю.
И маIаш цара кхечу халкъашна еттар ю,
ур-атталла дуьненан йистехьа уьш тоттур ду.
Иштта эпраймхойн дуккха а тIемалой бу,
иштта маннашхойн эзарнаш эскархой бу».
18 Забулхойх а, иссарханхойх а лаьцна иштта элира:
«Сакъера, забулхой, шайн некъаш тIехь,
иссарханхой, аша а сакъера шайн четарш чохь.
19 Цара шайн халкъ лам тIе схьакхойкху.
Цигахь цара нийса сагIанаш дохур ду.
Шайн хьал схьадоккху хIорда чуьра,
хIордан йистошкахь йолчу гIамарна тIера».
20 Гадахойх лаьцна элира:
«Декъала ву гадахойн мохк дIасабаржийнарг.
Гадин тайпа цигахь, лом санна, Iуьллуш ду,
куьйгаш я кортош дохорхьама.
21 Гадахоша тоьлла латта шайна хаьржира,
куьйгалхочунна догIу дакъа царна дIаделира,
халкъан баьччанаш гулбинчу хенахь.
Цара кхочушбира Везачу Элан нийса лаам,
Цо Исраилан халкъана тIе мел диллинарг а кхочушдира».
22 Данахойх лаьцна элира:
«Данан тайпа – къона лом ду,
Башан-махкара дедда догIу».
23 Напталхойх лаьцна элира:
«Напталан тайпанна Дела реза хилира,
иза Везачу Элан декъалдарех дуьзна ду.
Малхбузе а, къилба а цуьнан долахь хир ю».
24 Ашархойх лаьцна элира:
«Уьш кIенташна юкъахь уггар декъалбинарш бу.
И тайпа шен вежаршна дезаш хуьлийла.
Шайн когаш зайтдаьттанна чохь лийчор цара.
25 Шун зайлаш эчигах а, йоьзах а дина хир ду.
Шун денош санна, дебаш хир бу шун ницкъ».
26 «Цхьа а вац Исраилан Делах тера
мархашца Шен сийлаллехь а,
стигалшкахула хьуна гIо лаца веана волчу.
27 Хьан кIелхьардолийла – даим волу Дела ву,
Цуьнан даим а долу куьйгаш шуна кIел ду.
МостагIий шун юьхь-дуьхьалара дIа а лаьхкина,
Цо аьлла: „ХIаллакбе!“
28 Иштта, Исраилан халкъ кхерам боцуш дехар ду,
Якъубан тIаьхье ша йолчохь ехаш хир ю,
кIех а, керлачу чагIарх а дуьзначу махкахь,
стигалшкара тхи охьаоьгучу лаьтта тIехь.
29 Декъала ду хьо, Исраилан халкъ!
Хьо санна, Везачу Эло лардеш кхин муьлха халкъ ду?
Иза хьо лардеш долу *турс* а,
хьан сийлаллин тур а ду!
Хьан мостагIий хьуна хьалха охьатаьIна лелар бу,
ткъа ахьа церан сагIа доккху гунаш хьоьшур ду».

### Муса кхалхар

34 Муаби-аренашкара Набу-лам тIера Пасга цIе
йолчу бохь тIе хьалавелира Муса. И бохь
Ерихон-гIалина дуьхьхьал бара. Везачу Эло Дан-
гIалина тIекхаччалц берриг а ГалIад-мохк гайтира
Мусана. 2 Напталан а, Эпрайман а, Маннашан а
латтанаш а, Дуьненаюккъерачу хIорда тIекхаччалц
долу дерриг а ЯхIудан латта а гайтира Цо. 3 НегIаб-
аре а, шех палманийн гIала олу Ерихон тIехь
лаьтта тогIи а, ЦIоIар-гIалина тIекхаччалц болу
мохк а гайтира Цо. 4 †Везачу Эло Мусага элира:
«ХIара ду Ас ИбрахIиме а, Исхьакхе а, Якъубе а
церан тIаьхьенашна дIалур ду аьлла латта. И латта
Ас хьайн бIаьргашна гайти хьуна, амма цу тIе хьо
вер вац».
5 Везачу Эло ма-аллара, Муаби-лаьтта тIехь
кхелхира Везачу Элан лай Муса. 6 Муаби-мехкан
тогIи чохь Байт-ПаIар цIе йолчу юьртана дуьххьал
дIавоьллина Везачу Эло Муса. Амма таханлера де
тIекхаччалц цхьанна а ца хаьа иза дIавоьллина

† *34:4 а: Доладалар 12:7; б: Доладалар 26:3; в: Доладалар 28:13.*

йолу меттиг мичахь ю. 7 Мусан бIе ткъа шо дара и
лечу хенахь, амма цуьнан бIаьрса а ца телхинера,
гIора дIа а ца даьллера цуьнгара. 8 Муаби-
аренашкахь ткъе итт дийнахь цунна тезет
хIоттийра исраилхоша. Мусах белхар даран а,
халахетаран а денош цул тIаьхьа чекхдевлира.
9 Мусас цунна тIе куьйгаш дахкар бахьана долуш,
хьекъалх вуьзнера Нунин кIант ЮшаI. Цо аьлларг
деш хилира исраилхой, Везачу Эло Мусана
тIедиллинарг кхочушдора цара. 10 †Везачу Элана
юьхь-дуьхьал вевзаш хилла волу Муса санна, кхин
пайхамар ца хилира исраилхойн. 11 Везачу Эло
билгалонаш а, тамашийна хIуманаш а гайта
вахийтинера иза Мисар-махка. ПирIунна а, цуьнан
ялхошна а, дерриг а халкъана а гинера и
тамашийна хIуманаш. 12 Исраилан халкъан
бIаьргашна хьалха Мусас гайтинера сийлахь а,
инзаре а хIуманаш, кхин цхьаммо а гайтина доцу.

† *34:10 Арадаккхар 33:11.*

# ЮшаӀ

## Дешхьалхе

Муса-пайхамар веллачул тӀаьхьа ЮшаӀ халкъан хьаькам хилла дӀахӀоьттира. Цуьнан куьйгаллица исраилхой КанаӀан-махка чу боьлху цигахь Ӏархьама. тӀехь дерг – КанаӀан-мохк схьабаккхарх долу дийцар ду. Тептар тӀера хьахо тарло: Йордан-хил дехьадовлар, Ерихон-гӀалина тӀелатар, ГӀай-гӀала йолчохь бина тӀом, Дала Шен халкъаца бина барт карлабаккхар. Уггар дика хууш долчу аятех цхьаъ хӀара ду: «Тахана аш къасто деза, шаьш хьанна гӀуллакх дийр ду... Ткъа аса а, сан цӀийно а Везачу Элана Ӏамал йийр ю» (24:15).

### Дала ЮшаӀна тӀедиллинарг

1 Шен ялхо Муса кхелхинчул тӀаьхьа Везачу Эло
Мусан гӀоьнча хилла волчу Нунин кӀанте
ЮшаӀе элира: 2 «Сан ялхо Муса кхелхина. ХӀинца
хьо а, дерриг а хӀара халкъ а, хьала а гӀаттий,
Йордан-хил дехьадала, Ас шуна, исраилхошна,
лучу лаьтта тӀе. 3 †Шун ког тӀебер болу муьлхха а
меттиг Ас дӀало шуна, Мусага Айса ма-аллара. 4 Ас
шуна къилбехь йолчу яьссачу аренна тӀера
къилбаседехь долчу Ливанун лаьмнаш тӀекхаччалц
долу латта лур ду. Шун дозанаш малхбалехь долчу
сийлахьчу Эпрат-хи тӀера, хьетахойн латта чу а
лоцуш, малхбузехь болчу боккхачу хӀорда
тӀекхаччалц хир ду. 5 ††Хьан дахарехь хьуна
дуьхьало ялуш цхьа а хир вац. Мусаца ма-хиллара,
хир ву Со хьоьца а, хьох къаьстар а вац Со, хьо дӀа
а тосур вац Ас. 6 ‡ЧӀогӀа а, къонахалла йолуш а хила.
ХӀокху халкъе Ас церан дайшна лур ду аьлла латта
дола доккхуьйтур ду ахь. 7 ЧӀогӀа а, йоккха
къонахалла йолуш а хила, Сан ялхочо Мусас
кхочушбе аьлла болу берриг а *товрат-хьехам*
леррина Ӏалаш а бе, кхочуш а бе. Цунна тӀера аьтту
а, аьрру а агӀор ма верза, тӀаккха айхьа дечу
муьлххачу а гӀуллакха тӀехь ларош хир ву хьо.
8 Деша хӀара хьехаман тептар массо а хенахь.
Дийнахь а, буса а Ӏамаде иза, кху тӀехь яздинарг
нийсса кхочушдархьама. ТӀаккха айхьа дечу
гӀуллакх тӀехь чӀогӀа аьтто хуьлуш а, чӀогӀа беркат
долуш а хир ву хьо. 9 Ас тӀедуьллу хьуна: чӀогӀа а,
къонахалла йолуш а хила, кхера а ма кхера, воха а
ма воха. Хьо миччанхьа вахча а, хьоьца хьан Веза
Дела ву».

### Йордан-хих дехьадовла кечамбар

10 Халкъана хьалхабевллачу нахе омра дира
ЮшаӀа: 11 «Нах севцинчу меттехула чекх а довлий,
дӀаала цаьрга: „Шайна новкъана кхача кечбе. Кхо
де даьлча, Йордан-хил дехьа девр ду шу, шайн
Везачу Дала шайна дола даккха луш долу латта
схьаэца“».
12 ‡†Раабанан а, Гадин а тайпанашка а, Маннашан
эха тайпане а ЮшаӀа элира: 13 «Дагахь латтаде
Везачу Элан ялхочо Мусас шайга аьлларг: „Шун
Везачу Далла лиира Йордан-хин малхбале агӀор
долу латта шуна дӀадала, иза шун мохк хилийта“.
14 Шун зударий а, бераш а, даьхни а Мусас Йордан-
хил дехьа шуна деллачу лаьтта тӀехь совца, ткъа
массо а тӀом балуш волчо, герзаца шайн вежаршна
тӀе а гӀой, гӀо де царна. 15 Везачу Эло, шун санна,
шун вежарийн а сатедаллалц, цара а шун Везачу
Дала гуттаренна а царна луш долу латта
схьаэццалц, гӀо де царна. ТӀаккха, юха а дерзий,
шайна Везачу Элан ялхочо Мусас Йордан-хил
дехьа, малхбалехьа, деллачу лаьттан дола де».
16 Наха ЮшаӀана жоп делира: «Ахь тӀедиллинарг
дерриг а кхочуш а дийр ду оха, дӀахьажийначу гӀур
а ду тхо. 17 Мусага ма-доггӀара, хьоьга а ладугӀур ду
оха, ткъа хьан Веза Дела, Мусаца санна, хуьлийла
хьоьца! 18 Хьан омранна дуьхьало йинарг, ахь
тӀедиллинчу хӀуманна тӀехь хьоьга ла ца доьгӀнарг
муьлхха а вуьйр ву. Амма чӀогӀа а, къонахалла
йолуш а хила!»

### Къайлаха вахийтина ши стаг а, нахаца лела зуда Рахьаб а

2 ‡‡Нунин кӀанта ЮшаӀа Шитим цӀе йолчу
меттера къайлаха ши стаг вахийтира. Цо

† 1:3-5 *Карлабаькккхинарг 11:24, 25.* †† 1:5 *Карлабаькккхинарг 31:6, 8; Іебархошка 13:5.* ‡ 1:6 *Карлабаькккхинарг 31:6, 7, 23.*

‡† 1:12-15 *Лелар 32:28-32; Карлабаькккхинарг 3:18-20.* ‡‡ 2:1 *Іебархошка 11:31; Якъуба 2:25.*

цаьрга элира: «Ваха а гIой, лаьттах а, къаьсттина
Ерихон-гIаланах а долчуьнга хьажа». Рахьаб цIе
йолуш, нахаца лелаш йолу цхьа зуда яра
Ерихонехь Iаш. Цуьнан цIийне а веана, буьйса
йоккхуш сецира и ши стаг.
2 Цхьаммо Ерихонан паччахье элира: «Кху буса
исраилхойх цхьа нах баьхкина вайн лаьттах дерг
талла».
3 ТIаккха Ерихонан паччахьо ялхой бахийтира
Рахьабе ала: «Хьо йолчу баьхкина нах схьало. Уьш
берриге а вайн махках дерг талла баьхкина бу».
4 Амма зудчо ши исраилхо къайлаваьккхинера.
Цо элира: «Со йолчу веана ши стаг вара, амма суна
ца хаьара и шиъ мичара ву. 5 Сарахь гIалин ков
дIакъовлале, и шиъ дIавахара. Уьш стенга бахана,
суна ца хаьа. Сихха тIаьхьагIахь, шу тIаьхьакхиа а
мега царна». 6 Ткъа ши исраилхо, нийсачу, тIехь
*кхалор* йоцчу тхов тIе хьала а ваьккхина,
охьадехкинчу в�танан цIевнаш юккъе
дIалачкъийнера цо.
7 Паччахьан нах гIалех арабевлира. Ков царна
тIаьххье сихха дIакъевлира. Шина исраилхочунна
тIаьхьабевлла, малхбалехьа, Йордан-хих
дехьаволучу метте кхаччалц, дIабахара уьш.
8 Ши исраилхо дIавижале, зуда тхов тIе
хьалаелира и шиъ волчу. 9 Цо элира цу шинга:
«Суна хаьа Везачу Эло хIара мохк шуна
дIабеллийла. Тхуна тIе кхерам боьссина, тхан
дегнаш, шух кхоьруш, дегош ду. 10 †Тхуна хезна, шу
Мисар-махкара арадевлла догIуш, Везачу Эло шуна
хьалхара Эрзийн хIордан хи дIадаьккхина бохуш.
Ткъа иштта Йорданал дехьа Iийначу эмархойн ши
паччахь Сихьон а, IовгIа а аша хIаллаквинийла а
хезна тхуна. 11 Цунах лаьцна тхуна хезча, тхан
дегнаш шелделира, тхоьгахь цхьаьнггахь а шуна
дуьхьало ян доьналла ца дисира, хIунда аьлча шун
Веза Дела лакхахь стигалахь а, лахахь лаьттахь а
Дела ву. 12 Ткъа хIинца Везачу Элах чIагIо е суна, ас
шайх къинхетам ма-барра, аша а сан ден цIийнах
къинхетам бийр бу алий. Тешам болу цхьа билгало
ло суна, 13 сан да а, нана а, вежарий а, йижарий а
церан мел верг а дийна а витина, аша тхан синош
Iожаллех кIелхьардохур ду алий».
14 Шина стага элира зудчуьнга: «Оха
арадаьккхина гIуллакх аш дIа ца дийцахь, шун
метта вала а реза ву тхойшиъ. Везачу Эло тхуна
хIара мохк схьабелча, тхо хьоьца къинхетаме а,
тешаме а хир ду».
15 Цу зудчун цIенош гIалин пена юккъехь дара,
цундела цо и ши стаг корехула муьшаца
чувоссийтира. 16 Уьш чубиссале, цо элира цаьрга:
«Малхбузехьа, лам тIе, дIагIо, шайна
тIаьхьабевлларш тIе ца кхачийта. Кхаа дийнахь Iе
цигахь дIаловчкъий, шу лоьхуш болу и нах
юхабаххкалц. Цул тIаьхьа шайн новкъа дIагIор
шу».
17 Шина стага элира зудчуьнга: «Ахь тхоьга
яйтинчу чIагIонах тхо паргIат хир ду, нагахь ахь
иштта ца дахь: 18 тхо кху махка схьадаьхкича,
тхойшиъ чувоссийначу корах хIара цIен тIийраг
таса, ткъа хьайн да а, нана а, вежарий а – хьайн
ден берриг а доьзал хьо Iаш йолчу цIа чу гулбе.
19 Нагахь цIа чуьра цхьаъ аравалахь, иза шен
бехкенна лийр ву, ткъа тхо цунах жоьпехь хир дац.
Амма хьан цIа чохь волчунна тIе цхьаммо куьг
кховдадахь, веллачун цIий тхох хьаьрчар ду.
20 Нагахь ахь оха деана гIуллакх гучудаккхахь,
хьуна йинчу чIагIонах тхо а паргIат хир ду».
21 Зудчо цаьрга элира: «Дерриг а аш ма-бохху
хуьлийла!» Ши исраилхо дIа а хьажийна, корах
цIен тIийраг йихкира цо.
22 Лам тIе а веана, цигахь кхаа дийнахь Iийра и
ши стаг. Массо а новкъахь лехча, хIара шиъ кара а
ца вина, юхабаьхкира паччахьан нах. 23 Лам тIера
чу а воьссина, Йордан-хих дехьа а ваьлла, Нунин
кIантана ЮшаIана тIевеара и ши стаг. Цунна
шайца хилларг дерриг а дийцира цу шиммо.
24 Цара элира ЮшаIе: «Везачу Эло дерриг а хIара
латта вайн кара схьаделла. Берриг а цигара
бахархой вайх кхоьруш бу».

### Йордан-хих дехьадовлар

3 ШолгIачу Iуьйранна хьалхе хьала а
гIевттина, ЮшаI а, берриг исраилхой а Шитим
цIе йолчу меттера Йордан-хи тIе баьхкира. Цигахь
*меттамотт* а хIоттийна, севцира уьш, хих
дехьадовла деза хан тIекхаччалц. 2 Кхо де даьлча,
нахана тIехь хIиттийна хьаькамаш буьйлабелира
халкъана юккъехула. 3 Цара массаьрга а омра дира:
«Шайн Везачу Делаца бинчу бертан тIорказ а, иза
дIахьош болу левихойн динан дай а шайна гахь,
хьала а гIовттий, царна тIаьххье дIагIо. 4 Амма
шуна а, тIорказна а юккъехь йолу меттиг цхьа эзар
гIулч барам болуш хила еза. Цунна улло ма гIо,
шайна тIаьхьадаха некъ хаийтархьама, хIунда
аьлча кху новкъахула шу кхул хьалха даьхкина
дац».
5 ЮшаIа халкъе элира: «ЦIин а лой, кечам бе,
кхана Везачу Эло шуна юкъахь тамашийна
хIуманаш гойтур ду». 6 Динан дайшка ЮшаIа элира:
«Бартбаран тIорказ схьа а эций, халкъана
хьалхадовла». Уьш, тIорказ схьа а эцна, халкъана
хьалхабевлира. 7 ТIаккха Везачу Эло ЮшаIе элира:
«Таханлерчу дийнахь дуьйна исраилхошна хьалха
хьо вазван волалур ву Со, Мусаца санна, хьоьца а
Со вуйла царна хаийта. 8 Ахь тIорказ эцна боьлхучу
динан дайшка омра де, шаьш Йордан-хи чу ма-
девлли, совца алий».
9 ЮшаIа элира исраилхошка: «ТIе а дуьйлий,
шайн Везачу Делан дешнашка ладогIа. 10 Шуна
хуур ду, шайна юкъахь дийна Дела вуйла. Цо шу
долчуьра лохкур бу канаIанхой а, хьетахой а,
хьаьвихой а, перезахой а, гIиргIашахой а, эмархой
а, явсайхой а. 11 Дерриг а дуьненан Да волчу Везачу

† *2:10 а: Арадаккхар 14:21; б: Лелар 21:21-35.*

Элаца бинчу бертан тIорказ, шуна хьалха а
даьккхина, Йордан-хи чу доккхур ду. 12 Шийтта стаг
харжа шайна, исраилхойн хIора тайпанах цхьацца.
13 Дуьненан Да волчу Везачу Элан тIорказ эцна
боьлхучу динан дайн когаш Йордан-хи чу
бовллушехь, и хи лекъар ду. ТIедогIуш долу хи, пен
а хилла, дIахIуттур ду». 14 Йорданах дехьадала
дагахь халкъ шен меттамотт болчуьра
дIадоладелча, динан дайша бартбаран тIорказ,
нахана хьалха а даьккхина, дIадаьхьира. Халкъ
царна тIаьххье дIадахара. 15 ТIорказ эцна боьлхучу
динан дайн когаш Йордан-хи чу бовллушехь (кIа
хьоккхучу хенахь Йордан, деста а дестий, бердаш
чуьра арадолу), 16 лакхара догIу хи, саца а сецна,
геннахь, ЦIартан-гIалина уллора Адам-гIала
йолчохь, пен а хилла, дIахIоьттира. Шерачу
аренашка а, Дуьрачу хIорда чу а доьдуш долу хи,
дIа а дахана, дIаделира. Нах Ерихон-гIалина
дуьххьал хих дехьабовлуш бара. 17 Везачу Элаца
бинчу бертан тIорказ дахьаш богIу динан дай
Йордан юккъехь декъачу латта тIехь севцира,
берриш а исраилхой декъачу латта тIехула
Йорданах дехьабовллалц.

### Йордан-хих дехьадовлар дагахь латто хIиттийна тIулгаш

4 Дерриг а Исраилан халкъ Йорданах
дехьадаьлча, Везачу Эло ЮшаIе элира:
2 «Шийтта стаг схьахаржа нахана юкъара, хIора
тайпанах цхьацца. 3 Царна тIедилла, динан дай
латтинчу меттера, Йорданан юккъера, шийтта
тIулг схьаэца алий. Тховса шаьш буьйса йоккхучу
метте, дIа а хьой, охьадахка ала цаьрга и тIулгаш».
4 Исраилхойн хIора тайпанна юкъара ша
хаьржина шийтта стаг тIеккхайккхира ЮшаIа. 5 Цо
элира цаьрга: «Йорданна юккъе, шайн Везачу
Делан тIорказна хьалха, довла. ХIораммо а цигара
шайн белшаш тIе цхьацца тIулг схьаэца. ХIора
тайпанна цхьацца хир бу уьш. 6 И тIулгаш шайна
билгалонна дита. ТIейогIучу хенахь шун бераша
хоттур ду шуьга: „Стенна Iалашдо аш и тIулгаш?“ –
аьлла. 7 Аш жоп лур ду царна: „Везачу Элаца бинчу
бертан тIорказна хьалха Йордан-хи декъадалар
дагахьлатторхьама Iалашдо. ТIорказ дехьадоккхучу
хенахь Йордан-хи, декъа а делла, сецира. ТIейогIу
йолчу хенахь исраилхошна и хIума дагахь латтор
ду цу тIулгаша“».
8 ЮшаIа шайна тIе-ма-диллара, кхочушдира
исраилхоша дерриг а. Везачу Эло ЮшаIе ма-
аллара, Йордан-хина юккъера шийтта тIулг,
исраилхойн хIора тайпанан цIарах цхьацца, схьа а
эцна, шаьш буьйса йоккхучу метте дIа а баьхьна,
охьабиллира цара. 9 Бартбаран тIорказ эцна боьлху
динан дай латтинчу метте, Йордан-хина юккъе,
кхин шийтта тIулг хIоттийра ЮшаIа. И тIулгаш
хIинца а ду цигахь. 10 Везачу Эло ЮшаIана
тIедиллинера дан дезарг халкъе дIаалар, Мусас
ЮшаIе весет ма-дарра. Дерриг а чекхдаллалц,
тIорказ эцна боьлху динан дай Йордан-хина
юккъехь латтира.
Ткъа халкъ цу хенахь сихха хих дехьадолуш дара.
11 Нах дехьабевллачул тIаьхьа, Везачу Элан тIорказ
юха а халкъана хьалхадаьккхина дIадаьхьира
динан дайша. 12 Раабанан а, Гадин а тIаьхьенаш а,
Маннашан тIаьхьенах ах нах а, исраилхошна
хьалха а бевлла, герзашца хих дехьабевлира,
Мусас шайна тIе-ма-диллара. 13 ТIамана кечвелла
шовзткъа эзар герга стаг, Везачу Элана хьалхахула
чекх а ваьлла, Ерихонан аренашка тIом бан вахара.
14 Цу дийнахь Везачу Эло дерриг а Исраилан
халкъана хьалха ЮшаIан сий хьалаайира. Цул
тIаьхьа, Муса санна, ЮшаI лерира халкъо, цуьнан
дахаран денош чекхдовллалц.
15 Везачу Эло ЮшаIе элира: 16 «Бартбаран тIорказ
эцна богIучу динан дайшка, Йордан чуьра
схьабовла алий, омра де». 17 ЮшаIа динан дайшка
омра дира: «Йордан чуьра схьадовла!» – аьлла.
18 Везачу Элаца бинчу бертан тIорказ эцна богIу
динан дай, Йордан чуьра хьала а бевлла, декъачу
латта тIе бовллушехь, Йорданан хи, ша гуттар а
ма-дарра, охьадоладелира, шен бердашна тIехула
а долуш.
19 Хьалхарчу беттан уьтталгIачу дийнахь
Йорданах сехьа а даьлла, Ерихонна малхбалехьа
йолчу Галгал олучу меттехь сецира Исраилан
халкъ. 20 Йордан-хи чуьра шаьш схьаэцна шийтта
тIулг цигахь дIахIоттийра ЮшаIа. 21 Цо элира
исраилхошка: «ТIейогIучу хенахь шайн бераша
шайга хаттахь: „ХIорш хIун тIулгаш ду?“ – аьлла,
22 аш цаьрга ала: „Исраилхой Йордан-хих декъачу
латта тIехула дехьабовлар дагахь латтадойту
цара“. 23 Шун Везачу Дала, шу дехьадовллалц,
Йордан-хи лакъийра. Изза динера шун Везачу
Дала, Эрзийн хIордах тхо дехьадовлучу хенахь,
тхуна хьалхара хи дIа а лакъийна. 24 Везачу Эло иза
дина дуьнен чуьра дерриг а халкъашна Шен ницкъ
мел бу хаийтархьама, шу гуттар а шайн Везачу
Делах кхоьруш хилийтархьама».
5 Йорданал дехьа, малхбузехьа, хIорд болчу
агIор Iачу эмархойн паччахьашна а, хIордана
уллохь Iачу канаIанхойн паччахьашна а хезира,
исраилхой дехьабовлучу хенахь Везачу Эло
Йордан-хи лакъийна аьлла. Паччахьаш чIогIа
кхерабелира, исраилхошна дуьхьалбовла доьналла
дацара церан.

### Галгалехь божарий сунтбар

2 Цу хенахь Везачу Эло ЮшаIе элира: «Мокхазах
арсаш а дай, исраилхой сунтбе». 3 ЮшаIа, мокхазах
арсаш а дина, Сунтбаран гу аьлла, цIе тиллинчу
меттехь исраилхойн божарий сунтбира. 4 ЮшаIа
уьш сунтбаран бахьана хIара дара: Мисарара
халкъ арадаьллачул тIаьхьа, тIом балуш болу
божарий яьссачу арахь новкъахь беллера.
5 Мисарара арабевлла божарий сунтбина бара,
ткъа новкъахь дуьнен чу бевлларш сунтбаза бара.

[6] [†]Исраилхой шовзткъа шарахь лийлира яьссачу
арахула, Мисарара арабевлла, тIом балуш болу
божарий белла дIабовллалц. Цара Везачу Эле ла ца
доьгIнера, цундела Цо церан дайшна Ша лур ду
аьлла чIагIо йина, шуьрех а, мазах а дуьзна токхе
долу латта ган царна бакъо ца елира. [7] Церан метта
церан кIентий кхиийтира Везачу Эло. Уьш бара
ЮшаIа сунтбинарш, новкъахь сунтбаза бисарна.
[8] Берриш а сунтбинчул тIаьхьа, шайн *меттамотт*
болчохь севцира нах, божаршна гIоле хиллалц.
[9] Везачу Эло ЮшаIе элира: «Мисарахь шу лоллехь
хиларан эхь тахана шуна тIера дIадаьккхи Ас».
Цундела ю цу меттиган цIе Галгал [††], хIинца а олу
цунах иза.
[10] [‡]Исраилхой Галгалехь севцна бара. Беттан
дейтталгIачу дийнахь Ерихонан аренашкахь
сарахь *Пасахь* даздира цара. [11] ШолгIачу дийнахь
совсаза бепиг а, кхаьрзина буьртигаш а диира
цара. [12] [‡†]Цу лаьттан стоьмаш баа хIорш
буьйлабеллачу шолгIачу дийнахь стигалара
охьаоьху « *ман*» олу кхачанан буьртигаш
дIасевцира. Цул тIаьхьа «ман» кхин ца хилира
исраилхошна, амма КанаIан лаьттах схьадаьлларг
диира цара цу шарахь.

### ЮшаI а, туьраца волу стаг а

[13] Ерихонна уллохь волчу хенахь ЮшаIана гира
шена хьалха лаьтта цхьа стаг. Цу стеган карахь
баттара даьккхина тур дара. ЮшаIа, тIе а вахана,
хьаттира цуьнга: «Хьо тхайниг ву я тхан мостагIех
ву?» – аьлла.
[14] Стага жоп делира: «Со иза а, я важа а вац. Со
Везачу Элан эскаран тхьамда ву, хIинца кхуза
веана».
Лаьтта кхаччалц цунна хьалха охьа а таьIна,
ЮшаIа элира: «Шен лай волчуьнга хIун эр ду сан
эло?»
[15] Везачу Элан эскаран тхьамдано ЮшаIе элира:
«Хьайн когара мачаш схьаяха. Хьо лаьтташ волу
меттиг еза ю». ЮшаIа цо боххург кхочушдира.

### Ерихон-гIала хIаллакьхилар

[16] Ерихон-гIала дIакъевлина яра. Цуьнан бахархой
исраилхойх кхерабелла бара. ГIалара ара а, я чу а
волуш стаг вацара.
**6** Везачу Эло ЮшаIе элира: «Ас хьан кара дIало
Ерихон-гIала шен паччахьца а, тIемалошца а.
[2] Хьо а, хьан тIемалой а, дийнахь цхьа го а
боккхуш, ялх дийнахь гIалина гонах лела. [3] ВорхI
динан дас ворхI маIа дIаяхьа еза дезачу тIорказна
хьалха. ВорхIалгIачу дийнахь аша гIалина ворхI го
баккха. Ткъа динан дайша, шаьш гIалина гонах мел
лела, маIаш локхур ю. [4] Локхучу маIан деха аз
шайна хезча, дерриге а халкъо чIоггIа мохь хьакха
беза, тIаккха гIалина гонахара пен охьабужур бу.
Цул тIаьхьа шу массо а гIали чу гIур ду».
[5] Исраилхойн динан дайшка, тIе а кхайкхина,
Нунин кIанта ЮшаIа элира: «Бартбаран тIорказ
дIахьо. ВорхI динан дас ворхI маIа хьо, Везачу Элан
тIорказна хьалха а яккхий». [6] Юха халкъе омра
дира цо: «Даха а гIой, гIалина гобаккха. Герзашца
дерш, Везачу Элан тIорказна хьалха а довлий,
дIагIо».
[7] ЮшаIа халкъе иза ма-элли, Везачу Элана хьалха
ворхI маIа эцна воьдучу ворхI динан дас, хьалха дIа
а волавелла, маIаш лекхира. Везачу Элаца бинчу
бертан тIорказ царна тIаьххье дIадаьхьира.
[8] Герзашца берш маIаш лоькхуш богIучу динан
дайшна хьалхабевлла бара, кхиберш тIорказна
тIаьхьахIиттина богIура. Ерриг а цу хенахь лоькхуш
маIаш а яра. [9] ЮшаIа халкъе омра динера:
«Маьхьарий а ма хьекха, шайн аз а ма хазийта.
Багара цхьа дош а ма далийта, ас мохь тоха бакъо
лур йолу де тIекхаччалц, тIаккха маьхьарий тухур
ду аша». [10] Иштта Везачу Элан тIорказ, гIалех цхьа
го а боккхуш, дIадаьхьира. Цул тIаьхьа уьш, шайн
*меттамотт* болчу юха а баьхкина, цигахь буьйса
йоккхуш севцира.
[11] ШолгIачу Iуьйранна ЮшаI хьалххе
хьалагIаьттира. Динан дайша Везачу Элан тIорказ
юха а дIадаьхьира. [12] Везачу Элан тIорказна хьалха
ворхI маIа дIахьош волу ворхI динан да, маIаш а
лоькхуш, дIавоьдуш вара. Герзашца берш царна
хьалхабевлла дIабоьлхура, ткъа кхиберш тIорказна
тIаьхьахIиттина богIура. Массо а маIа лоькхуш яра.
[13] Иштта шолгIачу дийнахь а, гIалина цхьа го а
баьккхина, шайн меттамотт болчу юхабаьхкира
уьш. Ялх дийнахь дира цара иза.
[14] ВорхIалгIачу дийнахь, маьлхан зIаьнарш
гучуйовлучу хенахь хьала а гIевттина, гIалина цу
кеппара ворхI го баьккхира цара. Цу дийнахь бен
ца баьккхира цара гIалина ворхI го. [15] Динан дайша
ворхIалгIа а маIаш лекхначул тIаьхьа, ЮшаIа
халкъе омра дира: «Мохь тоха! Везачу Эло дIаелла
шуна гIала! [16] ГIала а, дерриг а цу чохь дерг а
Везачу Элана лерина ду. Нахаца лелаш йолу Рахьаб
а, цуьнан цIера нах а дийна бита, хIунда аьлча цу
зудчо вай бахийтина нах къайлабаьхнера. [17] Амма
аша цхьа а хIума схьа ма эца, шайна бохам ца
хилийта. Везачу Элана леринчух цхьа хIума
схьаэцахь, исраилхойн меттаматтана
хIаллакьхиллал зен дийр ду аша. [18] Дерриг а дети а,
деши а, цIестан а, аьчка а пхьегIаш а дIакъастае
Везачу Элана. Уьш Цуьнан хазни чохь хир ю».
[19] [‡‡]Локхучу маIийн аз ма-хеззи, халкъо цхьаьний
чIоггIа мохь туьйхира – гIалин пен охьабуьйжира.
Берриг а исраилхой шаьш лаьтташ болчуьра гIали
чу бахара, цара схьаяьккхира иза. [20] Шайн
таррашца гIали чохь дийна долу хIума дерриг а
хIаллакдира цара: божарий а, зударий а, къонанаш
а, къенанаш а, бежанаш а, уьстагIий а, варраш а.

† *5:6 Лелар 14:28-35.* †† *Галгал *– иза Iебархойн маттахь «дIадаьккхина» бохучух тера ду олучу хенахь.** ‡ *5:10 Арадаккхар 12:1-13.* ‡† *5:12 Арадаккхар 16:35.*
‡‡ *6:19 Iебархошка 11:30.*

21 Кху гIалахь хIун ду хьажа хьалха ваийтинчу
шина жимачу стаге ЮшаIа элира: «Нахаца лелачу
цу зудчун цIа чу а гIой, иза а, цуьнан гергара нах а
арабаха, шаьш цунна чIагIо йина ма-хиллара».
22 ДIаваханчу цу жимачу шина стага Рахьаб а,
цуьнан да а, нана а, вежарий а, и йолчохь болу
берриг а гергара нах а, ара а баьхна, исраилхойн
меттаматтана улло дIабигира. 23 Юха гIала а, цу
чохь долу хIума а цIергахь дагийра. Дети а, деши а,
цIестан а, аьчка а пхьегIаш бен ца йитира, уьш
Везачу Элана Iамал ечу меттиган хазни чу ехкира.
24 †Нахаца лела Рахьаб а, цуьнан цIийнах а, гергара
а болу нах ЮшаIа дийна битира, хIунда аьлча цу
зудчо ЮшаIа Ерихоне хьовса бахийтинарш, дIа а
лачкъийна, кIелхьарбаьхнера. Рахьабан
тIаьхьенах болу нах хIинца а исраилхошна юкъахь
Iаш бу.
25 ††Цу хенахь ЮшаIа, чIагIо а еш, элира: «Везачу
Элана хьалха нажжаз хир ву Ерихон-гIала
юхаметтахIоттийнарг.
Кху гIалин бух боьттинчун хьалхара кIант лийр ву.
ГIалин ков дIахIоттийнарг жимах волчу кIантах
вер ву».
26 Веза Эла ЮшаIаца вара. Берриг а махкахула
гIараваьллера ЮшаI.

### Iахана латийна къа

7 Амма исраилхоша доккха зулам дира Везачу
Элана лериначуьнца доьзна. ЯхIудан
тIаьхьенах волчу Iахана шайна схьаийцира Везачу
Элана леринчух цхьайолу хIуманаш (Iахан вара
Кармин кIант, ткъа Карма вара Завадин кIант,
Завади вара Зерахьан кIант). ТIаккха Веза Эла
чIогIа оьгIазвахара исраилхошна.
2 Ерихонера ГIай-гIала нах бахийтира ЮшаIа.
ГIай-гIала Байт-Аванна уллохь, Бетал-гIалина
малхбалехьарчу агIор яра. Цу нахе ЮшаIа элира:
«Даха а гIой, талла и меттиг». ДIа а бахана, ГIай-
гIалане хьаьвсира уьш. 3 ЮшаI волчу юха а
баьхкина, цара элира: «Дерриг а халкъ а ца
дохуьйтуш, ши-кхо эзар стаг вахийта ГIай-гIала
схьаяккха. Уьш цигахь дукха а бац, дерриг а вайн
эскар дахийттал». 4 Халкъах кхо эзар гергга стаг
вахара гIалина тIелата, амма уьш ГIай-гIалин
бахархоша лаьхкира. 5 Ткъе ялхитта стаг вийра
царах ГIай-гIалин бахархоша. Шайн кевнера
лаьхкина, тIулг боккхучу метте кхаччалц дIабигира
цара и исраилхой. Лам тIера чубуьссучу хенахь
байира уьш ГIай-гIалин бахархоша. Доьналлех
боьхначу исраилхойн дегнаш дегадора.
6 Шен бедарш а этIийна, Везачу Элан тIорказна
хьалха бертал а воьжна, сарралц Iиллира ЮшаI. Цо
а, исраилхойн къаноша а шайн кортош тIе чан
юхкура, шаьш баланехь хилар гойтуш. 7 ЮшаIа
элира: «Хьалдолу Эла! Йорданал сехьа хIара халкъ
стенна даьккхина Ахь? Эмархойн кара а делла, тхо
хIаллакдайтий? Буха а севцна, Йорданал дехьа Iаш
делара тхо! 8 Веза Эла! ХIун ала деза ас хIинца,
исраилхой шайн мостагIех бевдда хилча?
9 КанаIанхоша а, цу махкара берриг а кхечу наха а,
хIара хIума а хезна, тхуна го бийр бу. Цара лаьтта
тIехь ур-атталла тхан цIе а юьттур яц. Хьайн
сийлахь цIе муха ларйийр ю Ахь тIаккха?»
10 Везачу Эло ЮшаIе элира: «ХьалагIатта, хьо
хIунда воьжна бертал? 11 Исраилхоша къа латийна,
Ас шайга ларбе аьлла болу, Соьца шаьш бина болу
барт а бохийна. Суна леринчух цхьайолу хIуманаш,
схьа а эцна, шайн хIуманаш юккъехь дIалачкъийна
цара. 12 Цундела ца ян елла исраилхошка шайн
мостагIашна дуьхьало. Уьш царах бевдда, шаьш-
шайна хIаллакбаран кхел йина дела. Со кхидIа
шуьца хир вац, нагахь Суна лерина хIуманаш аша
шайна юкъара дIа ца яхахь. 13 Хьала а гIаттий,
халкъ даз а дай, ала нахе: „Iуьйре тIекхачале, цIан
а лой, дIахIитта, хIунда аьлча Исраилан халкъан
Везачу Дала иштта боху: ‘Суна лерина йолу
хIуманаш, аша схьа а эцна, шуна юкъахь ю,
исраилхой. Шайна юкъара уьш дIаяххалц, шу
мостагIашна дуьхьал латталур дац’. 14 Кхана шайн
тайпанашца тIедуьйла. Везачу Эло къастийна
тайпа шен гаранашца тIедан деза. Цо
билгалдаьккхина гара доьзалшца тIедан деза.
Къастийна доьзал, цхьацца стаг а вогIуш, тIебан
беза. 15 Суна лерина хIуманаш лачкъийна волу стаг
а, цуьнан доьзал а, долахь мел дерг а цIергахь
дагаде, цо, Везачу Элаца бина барт а талхийна,
исраилхошна юкъахь эхье гIуллакх дина дела“».
16 ЮшаIа, Iуьйранна хьалхе хьала а гIаьттина,
исраилхошка шайн тайпанашца тIедуьйла элира.
Массарна а юкъара къастийнарг ЯхIудан тайпа
дара. 17 ЯхIудан тайпа тIе а кхайкхина, царна
юкъара Зерахьан гара къастийра. Шайн
доьзалшца Зерахьан гаране тIедола а аьлла, царна
юкъара Завадин доьзал къастийра Везачу Эло.
18 Цу доьзале, цхьацца стаг тIевогIуш, тIедуьйла
элира ЮшаIа. Кармин кIант Iахан вара
билгалваьккхинарг. Карма Завадин кIант вара,
Завади Зерахьан кIант вара. Уьш ЯхIудан тайпанах
бара. 19 ТIаккха ЮшаIа элира Iахане: «Сан кIант,
Исраилан халкъан Веза Дела, хаста а вай, Цунна
хьалха даре а дай, схьадийца соьга айхьа динарг.
Сох и лачкъо ма гIерта».
20 ЮшаIана жоп луш, Iахана элира: «Бакъ ду, ас
къа латийна исраилхойн Везачу Далла хьалха. Ас
динарг хIара ду: 21 схьаяьккхинчу хIонса юккъехь
бавелхойн исбаьхьа духар а, ши бIе *шекхал* дети а,
шовзткъе итт шекхалан барамехь дашо экъа а гира
суна. И сайна хазъелла хIуманаш схьаийцира ас.
Сан четар чохь лаьттах йоьхкина ю уьш, дети а
царна бухадиллина ду».
22 ЮшаIа нах бахийтира Iаханан четарх хьовса.
Сихонца баханчу царна дIалачкъийна хIуманаш
карийра, царна бухахь дети а дара. 23 ХIуманаш,
четарна чуьра схьа а эцна, ЮшаI а, берриг
исраилхой а болчу схьа а еана, Везачу Элана

† *6:24 Iебархошка 11:31.* †† *6:25 Сулим 16:34.*

хьалха охьаехкира цара. 24 Берриг исраилхошца
цхьаьна ЮшаIа Зерахьан кIант Iахан а, дети а,
духар а, дашо экъа а, Iаханан кIентий а, мехкарий
а, цуьнан стерчий а, варраш а, уьстагIий а, четар а
– дерриг а цуьнан дерг Iахур-тогIи чу схьадеара
(Iахур – иза «сингаттам» бохург ду). 25 ЮшаIа элира:
«Ахь тхуна бохам бина дела, Везачу Эло тахана
бохам хьуна а бо». Берриг а исраилхоша, тIулгаш а
кхиссина, Iахан а, цуьнан доьзал а хIаллакбира.
Юха уьш а, церан бахам а цIергахь багийра цара.
26 Iаханна а, цуьнан доьзална а тIехь тIулгех боккха
барз бира наха. И барз тахана а латташ бу.

Цул тIаьхьа Везачу Элан оьгIазалла яйъелира.
Тахана а цу меттигах Iахур-тогIи олу.

### ГIай-гIала схьаяккхар а, йохор а

8 Везачу Эло ЮшаIе элира: «Кхера а ма кхера,
воха а ма воха. ТIом балуш верг верриг а
хьайца схьа а эций, ГIай-гIалина тIелата. ГIай-
гIалин паччахь а, цуьнан халкъ а, гIала а, латта а
хьан кара дIало Ас. 2 ГIай-гIалина а, цуьнан
паччахьна а айхьа Ерихонна а, цуьнан паччахьна а
диннарг де, амма цуьнгара а, гIалин бахархошкара
а схьаяьхна хIуманаш а, церан даьхни а шайна
юкъахь дIасадекъа. ГIалин тIехьа агIор кIело а е».

3 ЮшаI а, берриг а исраилхойн тIемалой а ГIай-
гIалина тIелата кечбелира. Ткъе итт эзар дикаха
къонах а хаьржина, буьйсанна уьш дIахьовсийра
ЮшаIа, 4 цаьрга омра а дина: «Хьовсалаш, шу
гIалина тIехьа агIор кIело йина хир ду, амма
гIалина гена а ма довла, массо а тIелата кийча а
хила. 5 Со а, соьца волу массо тIемало а гIалина
тIелетар ву. Хьалха санна, ГIай-гIалин божарий
тхуна дуьхьалбевлча, тхо царах довдур ду.
6 Тхаьшна тIаьхьабаьхна, гIала йолчуьра оха
дIабуьгур бу уьш. „Хьалха санна, вайх бевдда уьш“,
– эр ду цара. Тхо царах девдча, 7 шаьш кIело
йиначуьра схьа а довлий, гIала дIалаца. Шун
Везачу Дала шун кара схьалур ю иза. 8 Шаьш гIала
дIалаьцча, сийна цIе таса цунах. Везачу Эло ма-
аллара, кхочушде дерриг а. Хьовсалаш, аса
тIедуьллу шуна иза». 9 Иштта, ЮшаIа дIа а
бахийтина, ГIай-гIалин малхбузерчу агIор, Бетална
а, ГIайна а юккъехь, кIело йира исраилхоша. ЮшаI
цу буса халкъана юкъахь дIавижира.

10 Iуьйранна хьалхе хьала а гIаьттина,
тIемалошка хьожуш чекхвелира ЮшаI. Иза а,
исраилхойн къаной а, халкъана хьалха а бевлла,
ГIай-гIалина тIебахара. 11 ТIемалой, ЮшаIаца дIа а
бахана, гIалина гергахьа баьхкира. ГIай-гIалин
къилбаседехьа йолчу агIор *меттамотт* хIоттийра
ЮшаIа. ГIалина а, меттаматтана а юккъехь тогIи
яра. 12 Хьалхе пхи эзар стаг Бетална а, ГIай-гIалина
а юккъехь кIелоне ховшийнера цо. Уьш ГIай-гIалин
малхбузерчу агIор бара. 13 ТIемалоша шайн
меттигаш дIалаьцнера: гIалина къилбаседерчу
агIор хIоттийна меттамотт болчохь а, гIалина
малхбузерчу агIор кIело йиначохь а. Цу буса тогIи
чу веара ЮшаI. 14 И дерриг шена гича, ГIай-гIалин
паччахь, Iуьйранна хьалхе хьала а гIаьттина,
гIаларчу божаршца исраилхошна дуьхьал тIаме
аравелира. Иза а, цуьнан эскар а Iариба-тогIина †
уллохь йолчу хьалхалерчу метте деара. ГIалина
тIехьа кIело йинийла ца хаьара паччахьна. 15 ЮшаI
а, исраилхой а, цара шаьш эшийча санна, яьсса
аре йолчухьа дIабевдира. 16 ГIалахь болчу массо а
божаршка схьакхайкхинера, исраилхошна
тIаьхьадовла аьлла. ЮшаIана тIаьхьауьдуш,
гIалина генабевлира уьш. 17 ГIай-гIалахь а,
Беталахь а цхьа а боьрша стаг ца висира
исраилхошна тIаьхьавалаза. Шайн гIала
схьайиллина йитира цара, мостагIашна тIаьхьа а
бевлла.

18 ТIаккха Везачу Эло элира ЮшаIе: «Хьайн карахь
болу *гоьмукъ* ГIай-гIалина тIехьажабе, Ас хьан кара
дIало иза». Шен карахь болу гоьмукъ гIалина
тIехьажийра ЮшаIа. 19 Цо куьг хьала-ма-айи,
кIелонехь Iаш болу исраилхой, сихонца хьала а
лилхина, гIалехьа дIахьаьвдира. ГIала схьа а
лаьцна, цунах цIе тесира цара. 20 Юхахьаьвсинчу
ГIай-гIалин божаршна шайн гIалина тIера стигала
кхаччалц хьалаоьху кIур гира. ХIинца цхьанхьа а
бовда меттиг яцара церан – я хьалха а, я тIехьа а,
хIунда аьлча яьссачу арене бевдда боьлху
исраилхой, юха а бирзина, царна тIелетира.
21 ЮшаI а, берриг исраилхой а, кIело йиначара
гIала дIалацар а, стигала хьалаоьху кIур а гина, юха
а бирзина, ГIай-гIалин божарий хIаллакбан
буьйлабелира. 22 ГIалахь болу исраилхой а царна
дуьхьал арабевлира. Шина а агIор болчу шайн
мостагIашна юккъехь бисира ГIай-гIалин божарий.
Ведда а, висна а цхьа а ца волуьйтуш, уьш берриш
а хIаллакбира исраилхоша. 23 Ткъа ГIай-гIалин
паччахь, схьа а лаьцна, вен ца вуьш, ЮшаIана тIе
валийра.

24 ГIай-гIалин божаршна тIаьхьа а бевлла, яьссачу
арахь, царах цхьа а дийна ца вуьтуш, шаьш уьш
массо а вийча, исраилхой гIали чу юхабирзира. Цу
чохь мел долу адам а дийра цара. 25 Цу дийнахь
вийна верриг а ГIай-гIалин вахархо шийтта эзар
вара – боьрша нах а, зударий а. 26 Гоьмукъ карахь а
болуш, ша хьалаайина куьг охьа ца дахийтира
ЮшаIа, ГIай-гIалин массо а вахархо
хIаллакваллалц. 27 Даьхни а, гIали чуьра схьаэцна
хIонс а шайна юкъахь йийкъира исраилхоша,
Везачу Эло ЮшаIана тIе-ма-диллара. 28 ГIай-гIала
яга а йина, цунах саьлнаш йира ЮшаIа. Таханлерчу
дийне кхаччалц иштта йохийна Iуьллуш ю и гIала.
29 ГIай-гIалин паччахь, дитта тIе хьала а оьллина,
сарралц кхазийтира ЮшаIа. Малх чубузучу хенахь
паччахьан дакъа, дитта тIера охьа а даккхийтина,
гIалин кевне охьакхоссийтира цо. Цул тIаьхьа,
докъана тIе тIулгаш а кхиссийтина, йоккха оьла
яйтира. Иза хIинца а йолуш ю.

---

† *Iариба-тогIи *– иза Йордан-хин тогIи ю.**

### Iейбал-лам тIехь товрат-хьехам бешар

30 †Юха исраилхойн Везачу Далла лерина сагIа
доккху меттиг кечйира ЮшаIа Iейбал-лам тIехь.
31 ††Везачу Элан ялхочо Мусас исраилхошна тIе-ма-
диллара, *товрат-хьехам* тIехь болчу шен тептар
тIехь цо яздина ма-хиллара, кечйинера и меттиг,
аьчка гIирсаца кегдазчу тIулгех йина а йолуш. Цу
тIехь Везачу Элана лерина дийнаташ дагоран а,
бертан а сагIанаш дехира. 32 Мусан товрат-
хьехамна тIера дешнаш яздира ЮшаIа цу тIулгаш
тIехь исраилхошна хьалха. 33 ‡Берриг исраилхой а,
церан къаной а, тхьамданаш а, кхелахой а
цхьаьна, Везачу Элаца бинчу бертан тIорказна
шина агIор динан дай болчу, тIорказ лелочу
левихошна дуьхьал дIахIиттира. Царна юкъахь
тIебаьхкина нах а, шайн схьабовларехь исраилхой
берш а бара. Халкъан цхьа ах Герзим-ломана
дуьхьал, ткъа важа ах Iейбал-ломана дуьхьал
дIахIоьттира, хьалха Везачу Элан ялхочо Мусас
Исраилан халкъ декъалдан тIе-ма-диллара. 34 Юха
ЮшаIа дIадийшира товрат-хьехаман дерриг а
дешнаш, декъалвар а, неIалт кхайкхор а чу а
лоцуш, товрат-хьехаман тептар тIехь иза яздина
ма-хиллара. 35 Дерриге а Мусас тIедиллинчунна
юкъара цхьа дош а ца дисира ЮшаIа берриг а
исраилхошна хьалха дешаза. Халкъана юкъахь,
божарел сов, зударий а, бераш а, исраилхошна
юкъахь Iаш болу тIебаьхкина нах а бара.

### ГавIон-гIалин бахархойн хIилла

9 И хилларг Йордан-хил дехьарчу, малхбузерчу
агIор мел болчу паччахьашна хезира.
Лаьмнаш тIера а, нийсачу арара а,
Дуьненаюккъерачу хIордан берда тIера а,
Ливануна уллора а хьетахойн а, эмархойн а,
канаIанхойн а, перезахойн а, хьаьвихойн а,
явсайхойн а паччахьаш 2 цхьаьна гулбелира
ЮшаIана а, исраилхошна а дуьхьал тIаме бовла.
3 Амма ГавIон-гIалин бахархой, Ерихон а, ГIай а
гIаланашна ЮшаIа динарг а хезна, 4 хIиллане
бевлира. Царах масех стаг генарчу махкара богIу
геланчаш санна кечвелира, эттIа бедарш а,
тишъелла, йоманаш летийна мачаш а юьйхина.
Шайн варрашна тIе тишделла галеш а, йоманаш
летийна пIаьлдигаш а дехкира цара. Шайца
схьаэцна бепиг декъа а, матардоьлла а дара церан.
6 Галгал олучу меттехь болчу исраилхойн
меттаматте а баьхкина, цара ЮшаIе а,
исраилхошка а элира: «Тхо вуно генарчу махкара
даьхкина, тхоьца барт бахьара аша».
7 ‡†Амма исраилхоша элира хьаьвихошка: «Шу
тхуна юххехь Iаш хила а мега. Оха муха бийр бу
шуьца барт?»
8 Цу наха ЮшаIе элира: «Тхо хьан леш ду».
ЮшаIа цаьрга хаьттира: «Шу муьлш ду? Мичара
даьхкина шу?»
9 Цара жоп делира: «Вуно генарчу махкара
баьхкина хьан леш хьан Везачу Делан дуьхьа,
хIунда аьлча тхуна хезна Цуьнан сийлаллех, Цо
Мисар-махкахь динчух лаьцна а 10 ‡‡Иштта тхуна
хезна Йордан-хил дехьарчу, малхбалерчу агIонера
эмархойн шина паччахьна – Хьешбон-гIалин
паччахьна Сихьонна а, Iаштаратехь Iаш хилла
волчу Башанан паччахьна IовгIина а динчух
лаьцна а. 11 Тхан къаноша а, тхан махкара массо а
бахархоша а элира тхоьга: „Новкъахь шайна даа
бепиг схьа а эций, царна дуьхьал а гIой, дIаала
цаьрга: ‘Тхо шун леш ду, тхоьца барт бахьара аша’“.
12 ХIара бепиг оха тхайн цIеношкара, довха а
долуш, схьаэцна ду шу долчу догIучу дийнахь, ткъа
хIинца иза дакъа а делла, матар а доьлла. 13 Оха
чагIар чудуттуш керла хилла долу пIаьлдигаш
хIинца эттIа. ХIара тхан бедарш а, мачаш а, беха
некъ оха барна, тишъелла».
14 Исраилхоша схьаийцира цаьргара кхача, амма
Везачу Элах дага ца бевлира уьш цу хьокъехь.
15 Цаьрца машаран барт а бина, царна бохам бийр
бац аьлла, чIагIо йира ЮшаIа. Исраилхойн
тхьамданаша а чIагIо йира царна.
16 И барт бина кхо де даьлча, исраилхошна хиира,
и нах шайн лулахой буйла а, уьш шайна уллохь Iаш
буйла а. 17 ХIунда аьлча новкъа бевлла боьлху
исраилхой кхозлагIчу дийнахь церан гIаланашка
кхечира. Цу гIаланийн цIераш яра: ГавIон, Капира,
Баировт, Кхиръят-ЯIарим. 18 Амма исраилхоша
хIаллак ца беш битира цигара нах, шайн
тхьамданаша исраилхойн Везачу Делан цIарах
царна чIагIо йина дела. И хIума бахьана долуш,
шайн тхьамданашна хамталлаш еш бара
исраилхой. 19 Берриге а тхьамданаша халкъе
элира: «Вай исраилхойн Везачу Делах чIагIо йина
царна, цундела царах куьг Iотта йиш яц вайн.
20 Ткъа царна вай хIара дийр ду: уьш дийна буьтур
бу вай, царна йина чIагIо бахьанехь ваьшна таIзар
ца хилийта». 21 Тхьамданаша кхин а элира: «Баха
бита уьш, амма вайн халкъана дечиг доккхуш а, хи
кхоьхьуш а хир бу уьш гуттар а». Тхьамданаша
аьлларг дира исраилхоша.
22 Хьаьвихой тIе а кхайкхина, ЮшаIа элира: «Тхо
ле хIунда дира аша: „Тхо шуна вуно генахь Iаш ду“,
– аьлла, шу-х тхуна уллохь дехаш ду? 23 Аша
харцдерг дийцарна, неIалт хир ду шуна! Массо а
хенахь леш хир ду шу, сан Делан цIенна дечиг а
доккхур ду аша, хи а кхоьхьур ду!»
24 Цара ЮшаIана жоп делира: «Хьан лешна
хезнера, Шен ялхочуьнга Мусага хьан Везачу Дала,
хIара дерриг латта шуна дIа а ло, цу тIехь Iаш болу
берриг а бахархой шуна хьалха хIаллак а бе аьлла,
омра дина бохуш. Цундела, аша тхаьш дайарна
кхоьруш, дина оха и гIуллакх. 25 ХIинца тхо хьан
карахь ду. Хьайна бакъахьа а, нийса а хеттарг

† *8:30-32 Карлабаькккхинарг 27:2-8.* †† *8:31 Арадаккхар 20:25.* ‡ *8:33-35 Карлабаькккхинарг 11:29; 27:11-14.* ‡† *9:7 Арадаккхар 23:32; 34:12; Карлабаькккхинарг 7:2.*

‡‡ *9:10 Лелар 21:21-35.*

тхуна дер-кх ахьа». 26 ЮшаIа хIара дира: цо
хьаьвихой исраилхойн куьйгех кIелхьарбехира,
цара уьш хIаллак ца бира. 27 Цу дийнахь ЮшаIа
царна тIедиллира, дерриг а Исраилан халкъана а,
Везачу Элан сагIа доккхучу кхерчана а лерина
дечиг даккхар а, хи кхехьар а. И *сагIа доккху кхерч*
Везачу Эло хоржучу меттигехь хир бу. Таханлерчу
дийне кхаччалц иштта болх бо цара.

### ГавIон-гIалахь эмархойн эшар

10 ЮшаIа, ГIай-гIала схьа а яьккхина, иза
йохийна, Ерихон-гIалина а, цуьнан
паччахьна а диннарг ГIай-гIалина а, цуьнан
паччахьна а дина аьлла, хезира Ярушалайман
паччахьна Адани-Цадакхна. Иштта цунна хезира,
ГавIонан бахархой, исраилхошца барт а бина,
царна юкъахь Iаш бу аьлла. 2 Иза хезча, паччахь
чIогIа кхеравелира, хIунда аьлча шена тIехь
паччахьо куьйгалла деш йолу муьлхха а гIала
санна, ГавIон йоккха гIала яра. Иза ГIай-гIаланал а
йоккха яра, цуьнан бахархой майра нах а бара.
3 Цундела Ярушалайман паччахьо Адани-Цадакха
Хьевронан паччахь ХIохIам волчу а, Ярмутан
паччахь Париам волчу а, Лахишан паччахь ЯпияI
волчу а, IегIлонан паччахь Дибар волчу а
хьадалчаш бахийтира хабар эцна: 4 «Со волчу а
дуьйлий, ГавIон-гIала хIаллакьян гIо де суна, цо
ЮшаIаца а, исраилхошца а барт барна». 5 Вовшах а
кхетта, эмархойн пхи паччахь: Ярушалайман а,
Хьевронан а, Ярмутан а, Лахишан а, IегIлонан а
паччахьаш а, церан эскарш а, *меттамотт* дIа а
хIоттийна, ГавIон-гIалина го а бина, цунна дуьхьал
тIом бан кечбелира.
6 ГавIонан бахархоша исраилхойн меттамотт
латтачу метте, Галгала, ЮшаI волчу хьадалчаш
бахийтира цуьнга ала: «Хьайн леш дIа ма
тасахьара ахь! Тхо долчу сихха схьа а волий, тхо
кIелхьардахахьа! ГIо дехьа тхуна! Гунаш долчуьра
эмархойн массо а паччахь ву тхуна тIелата
кечвелла!»
7 ЮшаI а, цуьнца дерриг эскар а, шайна юккъехь
уггар майра тIемалой а болуш, Галгалара
аравелира. 8 Везачу Эло ЮшаIе элира: «Ма кхера
царах, Ас хьан кара дIабелла уьш: хьуна дуьхьало
ялур яц цаьрга цхьаьнгге а». 9 Буьйсанна сахиллалц
Галгалара схьаихна волу ЮшаI цIеххьана тIелетира
эмархошна. 10 Исраилхошна хьалха эмархой
бохийтина, церан дегнаш чу кхерам тесира Везачу
Эло. Исраилхойн эскаро ГавIонехь дукха мостагIий
хIаллакбира. Юха, царна тIаьхьабевлла, Байт-
Хьорон цIе йолчу лам тIе боьдучу новкъахула
дIабахара уьш. Iазекхи а, Макхеда а цIераш йолчу
меттигашка кхаччалц, хIаллакбеш, дIабигира цара
эмархой. 11 Исраилхойх бевдда, Байт-Хьорон-лам
тIера эмархой чубевдда боьлхучу хенахь, Везачу
Эло стигалара даккхийчу буьртигех йолу къора
йиттира царна тIе, Iазекхи уьш дIакхаччалц. Оцу
къоран буьртигаша байинарш алсамо бара,
исраилхоша шайн таррашца байиначарал.
12 Цу дийнахь ЮшаI Везачу Эле кхайкхира.
Эмархой исраилхойн кара а белла, ГавIонехь
Везачу Эло цаьрга уьш хIаллакбайтина де дара иза.
ЮшаIа исраилхошна хьалха элира:
«Малх, ГавIонана тIехула сацалахь,
бутт – Айлон-тогIи тIехула!»
13 †Малх а, бутт а сецна лаьттира, халкъо шен
мостагIашна бекхам баллалц. Яшаран тептар тIехь
яздина дац ткъа иза: «Малхбузехьа дIабаха сих ца
луш, стигална юккъехь лаьттира малх цхьана
дийнахь гергга»? 14 Везачу Эло адамо бохучуьнга
иштта ладоьгIна де я хьалха а, я цул тIаьхьа а
хилла дацара, хIунда аьлча Веза Эла Исраилан
халкъан дуьхьа тIом беш вара.
15 Цул тIаьхьа ЮшаI а, исраилхойн берриг а
тIемалой а Галгала, шайн меттамотт болчу,
юхабирзира.

### Эмархойн пхи паччахь йийсаре вигар

16 И пхи паччахь, вада а ведда, Макхедехь йолчу
хьеха чохь къайлаваьллера. 17 ЮшаIе хаам
кхечира: «Пхи паччахь карийна, уьш Макхедехь
йолчу хьеха чохь дIалевчкъина бу», – аьлла. 18 Цо
элира: «Хьехан берте даккхий тIулгаш тIе а
карчадай, и ларъян нах хIиттабе. 19 Ткъа шу, совца
а ца совцуш, мостагIашна тIаьхьадовлий дIагIо.
Церан эскаран тIаьхьара дакъош хIаллакде,
мостагIий шайн гIаланашка дIа ма бахийта. Шун
Везачу Дала шун кара схьа ма белла уьш». 20 ЮшаIа
а, исраилхойн тIемалоша а, мостагIашна доккха зе
а деш, уьш хIаллакбинчул тIаьхьа, царах биснарш
чIагIйина йолчу гIаланашка бевдира.
21 Исраилхойн дерриг а эскар ЮшаI волчу,
Макхедана уллохь латтачу шайн меттаматте,
толамца юхадирзира.
Исраилхошна дуьхьал дош ала хIуттуш цхьа а
вацара.
22 Юха ЮшаIа элира: «Хьехана чувоьду меттиг
схьа а ястий, цу чуьра пхи паччахь со волчу
схьавалаве». 23 Цо ма-бохху дира: хьеха чуьра пхи
паччахь схьавалийра: Ярушалайман а, Хьевронан
а, Ярмутан а, Лахишан а, IегIлонан а паччахьаш.
24 Шена тIе и паччахьаш схьабалийча, массо а
исраилхочуьнга схьа а кхайкхина, шеца леллачу
тIемалойн хьаькамашка ЮшаIа элира: «ТIе а гIой,
шайн когаш цу паччахьийн вортанаш тIе баха».
Цара, тIе а бахана, паччахьийн вортанаш тIе когаш
бехкира. 25 ЮшаIа элира цаьрга: «Кхера а ма кхера,
доха а ма доха, чIагIлой а, доьналла долуш а хила.
Аша тIом бен болчу шун массо а мостагIашца
иштта хир ву Веза Эла». 26 Паччахьаш, байа а
байина, пхеа дитта тIехь хьалаоьхкира ЮшаIа.
Сарралц цу дитташ тIехь кхезира уьш. 27 Малх
чубузучу хенахь ЮшаIа омра а дина, дитташ тIера
схьа а даьхна, уьш дIалевчкъина хиллачу хьеха чу

† *10:13 Дауд 1:18.*

кхиссира паччахьийн декъий. Хьехана дуьхьал
даккхий тIулгаш дехкира. Таханлерчу дийне
кхаччалц цигахь Iохкуш ду уьш.

### Къилбера КанаIан схьаяккхар

[28] Оцу дийнахь Макхеда-гIала схьаяьккхира
ЮшаIа, туьра кIел яхийтира цо иза а, цуьнан
паччахь а. Дерриг а цу гIали чуьра са мел долу
адам хIаллакдира цо: ведда а, висна а, цхьа а
дийна ца витира. Макхедан паччахьна а Ерихонан
паччахьна диннарг дира.
[29] Цул тIаьхьа исраилхошца цхьаьна Макхедара
Либна-гIала йолчу дIа а вахана, цунна дуьхьал тIом
бира ЮшаIа. [30] Везачу Эло исраилхойн кара
схьаелира и гIала а, цуьнан паччахь а. Цу чуьра са
мел долу адам туьраца хIаллакдира ЮшаIа: ведда
а, висна а, цхьа а дийна ца витира. ГIалин
паччахьна Ерихонан паччахьна диннарг дира.
[31] Юха исраилхошца цхьаьна Либнера Лахиш-
гIала а веана, цунна гонах меттамотт а хIоттийна,
гIалина дуьхьал тIом бира ЮшаIа. [32] Везачу Эло
Лахиш исраилхойн кара схьаелира, шолгIачу
дийнахь иза схьаяьккхира цара. Цу чохь мел долу
садолу адам туьраца хIаллакдира исраилхоша,
Либнехь шаьш ма-дарра. [33] Лахиш-гIалина гIо дан
ГIазаран паччахь ХIорам веара, амма ЮшаIа
хIаллаквира иза а, цуьнан эскар а. Ведда а, висна а,
цхьа а царах дийна ца витира цо.
[34] Цул тIаьхьа исраилхошца цхьаьна Лахишара
IегIлон-гIала веара ЮшаI. ГIалина гонах меттамотт
а хIоттийна, цунна дуьхьал тIом бира цара. [35] Цу
дийнахь иза схьа а яьккхина, цу чохь са мел долу
адам туьраца хIаллакдира исраилхоша, Лахишехь
шаьш ма-дарра.
[36] ЮшаI а, исраилхой а, IегIлонара дIа а бахана,
Хьевроне баьхкира. Цигахь гIалина дуьхьал тIом
бира цара. [37] ГIала схьа а яьккхина, цуьнан паччахь
а, гIали чуьра са мел долу адам а, луларчу
ярташкахь мел верг а туьраца хIаллаквира
исраилхоша. Цхьа а дийна ца витира цара. IегIлон-
гIалина диннарг дира Хьевронна а: гIала а
йохийра, дерриг адам хIаллак а дира.
[38] Цул тIаьхьа ЮшаI а, цуьнан эскар а, юха а
дирзина, Дибар-гIалина тIе а деана, цуьнца тIом
бан хIоьттира. [39] ГIала а, цуьнан паччахь а,
гонахара ярташ а, схьа а яьхна, туьра кIел
яхийтира цара. Дерриг а са мел долу адам
хIаллакдира: дийна цхьа а ца висира. Хьевронна а,
цуьнан паччахьна а, Либнина а, цуьнан паччахьна
а диннарг Дибарна а, цуьнан паччахьна а дира.
[40] Акъареш тIера а, НегIаб цIе йолчу яьссачу
аренера а, лаьмнийн когашкара а, басенашкара а –
массанхьара а мохк схьабаьккхира ЮшаIа. Церан
паччахьаш хIаллакбира цо. Цхьа а са долу адам
дийна ца дитира, исраилхойн Везачу Дала тIе-ма-
диллара. [41] Кхадеш-БарнаьIара Iази-гIала кхаччалц
а, дерриг ГIашан цIе йолу латта а, ур-атталла
ГавIон-гIалина тIекхаччалц долу латта а
схьадаьккхира ЮшаIа. [42] Цкъа араваьлла, берриш
и паччахьаш а, церан латтанаш а схьадехира
ЮшаIа, хIунда аьлча исраилхойн Веза Дела
Исраилан халкъехьа тIом беш вара. [43] Цул тIаьхьа
ЮшаI а, берриш исраилхойн тIемалой а Галгала,
шайн меттамотт болчу, юхабирзира.

### Паччахь Ябин а, цуьнан бартхой а

11 Исраилхоша баьхначу толамех лаьцна шена
хезча, Хьацор-гIалин паччахьо Ябина шен
хьадалчаш бахийтира Мадон-гIалин паччахьна
Ябабна а, Шимрон-гIалин паччахьна а, Ахишапан
паччахьна а, [2] къилбаседехьа лаьмнаш тIехь Iаш
болчу паччахьашна а, *Iариба-тогIи* чохь
Канаротана къилбехьа йолчу агIор Iаш болчу а,
лаьмнийн когашкахь а, малхбузехьа Напат-Дорехь
а Iаш болчу паччахьашна а тIе. [3] Цул сов,
малхбалехьа а, малхбузехьа а Iаш болчу
канаIанхошна а, эмархошна а, хьетахошна а,
перезахошна а, акъареш тIехь Iаш болчу
явсайхошна а, МицIпа-кIоштара Хьермон-ломан
когашкахь Iаш болчу хьаьвихошна а тIе бахийтира
цо шен нах. [4] И паччахьаш а, церан эскарш а
тIамана арадевлира. ХIордан берда тIера гIум
санна, дукха бара уьш. Говраш а, гIудалкхаш а яра
цаьргахь ягар ца яллал дукха. [5] Шайн эскарш
вовшах а тоьхна, Мером-хина уллохь *меттамотт*
дIахIоттийра цу паччахьаша, исраилхошца тIом
бархьама.
[6] Везачу Эло ЮшаIе элира: «Ма кхера царах,
кхана хIоккху хенахь исраилхошка хIаллакбойтур
бу Аса уьш. Церан говрийн хьорзамаш а хедае,
гIудалкхаш а ягае». [7] ЮшаI а, цуьнан массо а
тIемало а, цIеххьана Мером-хина йисте схьа а
веана, тIелетира царна. [8] Везачу Эло исраилхойн
кара схьабелира мостагIий. Исраилхоша
хIаллакбира уьш, ткъа биснарш, лаьхкина,
сийлахьчу ЦIаданна а, Мисрепат-Маймна а,
малхбалехьа МицIпа-тогIина а тIекхаччалц
дIабигира. Цхьа а дийна ца вуьтуш, массо а вийра
исраилхоша. [9] Везачу Эло шега ма-аллара, дира
ЮшаIа дерриг а: церан говрийн хьорзамаш а
хедийра, гIудалкхаш а ягийра.
[10] Цул тIаьхьа, юха а вирзина, Хьацор-гIала схьа а
яьккхина, цуьнан паччахь вийра ЮшаIа. (Хьалха
Хьацор-гIала массо а цу пачхьалкхийн уггар а
нуьцкъала гIала хилла.) [11] Цу гIалахь мел верг туьра
кIел вахийтира цо, цхьа а стаг дийна ца вуьтуш.
Хьацор а, ягийна, дIаяьккхира.
[12] Ерриг и гIаланаш схьа а яьхна, церан
паччахьаш туьраца байира ЮшаIа, Везачу Элан
ялхочо Мусас тIе-ма-диллара. [13] Амма лаьттах
йинчу лакхенашкахь йолу ерриг а гIаланаш яга ца
йира исраилхоша, ЮшаIа ягийна йолу цхьа Хьацор
йоцург. [14] Цу гIаланашкахь караеана йолу ерриг
хIонс а, даьхни а шайна схьаийцира исраилхоша.
Адамаш дерриш а хIаллакдира, цхьа а са дийна ца
дуьтуш. [15] Везачу Эло Шен ялхочунна Мусана тIе-

ма-диллара, Мусас а ЮшаIана тIедиллинера дан
дезарг. ЮшаIа и дерриг а кхочушдира: Везачу Эло
Мусана тIедиллинчух хIумма а кхочушдаза ца
дитира цо.

### Нунин кIанта ЮшаIа схьадаьхна латтанаш

[16] Иштта ЮшаIа схьадаьхна долу латтанаш хIорш
дара: акъарехь а, ерриг а НегIаб яьссачу аренгахь а
долу латтанаш а, ГIашанера дерриг латта а,
малхбалехь долчу лаьмнийн когаш а, Iариба-тогIи
а, Исраилан лаьмнаш а, къилбаседехь долчу
лаьмнийн когаш а, [17] СеIирна тIекхаччалц болчу
Хьалакх-лома уллора, Хьермон-ломана лахахь
йолу, Ливанун-тогIи чуьра БаIал-Гадана
тIекхаччалц долу латтанаш а. Церан массо а
паччахьаш, схьа а лецна, хIаллакбира цо. [18] Дуккха
а хенахь цу паччахьашца тIом бинера ЮшаIа.
[19] Исраилхошца машар бина цхьа а гIала яцара,
шена чохь хьаьвихой Iаш болу ГавIон йоцург.
Ерриш а тIамца схьаяьхна яра уьш. [20] †Везачу Элера
дара, уьш, шайн дегнаш а чIагIдина, исраилхошна
тIамца дуьхьалбовлар. Исраилхойн и мостагIий
хIаллакбархьама а, царах къинхетам цабархьама а
динера Цо иза. Везачу Эло Мусана тIе-ма-диллара,
хIаллакбан безара уьш.
[21] Цу хенахь акъареш тIехь Iаш болу *Iаьнакххахой*
хIаллакбира ЮшаIа: Хьеврон-гIалина уллохь а,
Дибар-гIалина уллохь а, Iанаб-гIалина уллохь а,
ЯхIудан а, Исраилан а дерриг а лаьмнаш тIехь а.
Церан гIаланашца уьш берриш а хIаллакбира цо.
[22] Цхьа а Iаьнакххахо ца висира исраилхойн лаьтта
тIехь, Iази-гIалаххьий, Гати-гIалаххьий, Ашдод-
гIалаххьий бен.
[23] Везачу Эло Мусага ма-аллара, дерриг а латта
схьа а даькххина, исраилхошна шайн тайпанашна
юкъахь, дакъош а деш, декъа дIаделира ЮшаIа.
Цул тIаьхьа тIамах садаьIира лаьтто.

### Мусас хIаллакбина паччахьаш

12 ††Йордан-хина тIера малхбалехьа долу латта
схьадаькххинера исраилхоша. Арнон-хина
тIера Хьермон-лома тIекхаччалц долу а, *Iариба-
тогIи* чуьра малхбалехьарчу агIор долу а латта
церан дара. И латта схьадаккхархьама исраилхоша
хIаллакбина паччахьаш хIорш бу: [2] Хьешбонехь
Iийна волу эмархойн паччахь Сихьон. ГалIад-
мехкан ах латта цо паччахьалла деш дара. Арнон-
хина уллохь йолчу IаруIер-гIалина тIера Ябокх-
хина тIекхаччалц бара цуьнан мохк. Цу хина
юккъехула дара цуьнан Iамминхошца долу доза.
[3] Ткъа иштта цо паччахьалла деш Iариба-тогIи
чуьра малхбалехьа долу латта а дара, *Канарот-Iома*
тIера Дуьрачу хIорда тIекхаччалц долу. Кхин а
Байт-Яшимутана тIера къилбехьа Пасги-лома
тIекхаччалц а дара цуьнан латта.

† 11:20 Карлабаькххинарг 7:16. †† 12:1-5 Лелар 21:21-35; Карлабаькххинарг 2:26–3:11.

[4] Башанан паччахь IовгIа. Репахойн къомах
тIаьххьара вара иза. Цо паччахьалла деш яра
Iаштарат а, ЭдреIи а цIераш йолу гIаланаш.
[5] Цуьнан долахь Хьермон-лам а, Салха-гIала а,
берриг а Башан-мохк а бара, гешурхойн а,
маIхахойн а латтанашна тIекхаччалц. Хьешбонан
паччахьан Сихьонан лаьтта тIе кхаччалц болу ах
ГалIад-мохк а бара цуьнан.
[6] ‡Везачу Элан ялхочо Мусас а, исраилхоша а
хIаллаквира и ши паччахь. Раабанан а, Гадин а
тIаьхьенашна а, Маннашан ах тIаьхьенна а *шерет*
санна дIаделлера Мусас цу паччахьийн латтанаш.

### Нунин кIанта ЮшаIа хIаллакбина паччахьаш

[7] ЮшаIа а, исраилхоша а Йордан-хина
малхбузехьа долчу латтанаш тIера паччахьаш
хIаллакбира. Ливанун тогIи чохь йолчу БаIал-Гад-
гIалина тIера СеIирна уллохь болчу Хьалакх-лома
тIекхаччалц дара и латтанаш. ЮшаIа исраилхошна,
церан тайпанашка хьаьжжина, дIаделира уьш.
[8] Царна юкъадогIуш дара: акъарийн мохк а,
малхбузехь долчу лаьмнийн когаш а, Iариба-тогIи
а, малхбалехь йолу басенаш а, къилбехь йолу
яьсса аре НегIаб а. ЮшаIа а, исраилхоша а уьш
схьаяххалц, цу меттигашкахь Iаш бара хьетахой а,
эмархой а, канаIанхой а, перезахой а, хьаьвихой а,
явсайхой а. [9] Исраилхоша хIаллакбина паччахьаш
бара: Ерихонан паччахь, Бетал-гIалина уллорачу
ГIай-гIалин паччахь, [10] Ярушалайман паччахь,
Хьевронан паччахь, [11] Ярмутан паччахь, Лахишан
паччахь, [12] IегIлонан паччахь, ГIазаран паччахь,
[13] Дибаран паччахь, Гадиран паччахь, [14] Хьормин
паччахь, Iародан паччахь, [15] Либнин паччахь,
Iадуламан паччахь, [16] Макхедан паччахь, Беталан
паччахь, [17] Тапухьин паччахь, Хьепаран паччахь,
[18] Апакхан паччахь, Лашаронан паччахь,
[19] Мадонан паччахь, Хьацоран паччахь, [20] Шимрон-
Мерионан паччахь, Ахишапан паччахь, [21] ТаIнакан
паччахь, МагIиддан паччахь, [22] Кхедашан паччахь,
Кармална уллохь йолчу ЯкхнаIаман паччахь,
[23] Напат-Дор волчохь волу Доран паччахь,
Галгаларчу Гойиман паччахь, [24] Тирцин паччахь.
Верриг а паччахь ткъе цхьайтта вара.

### Схьадахаза долу латтанаш

13 ЮшаI, къан а велла, хене вирзича, Везачу
Эло элира цуьнга: «Хьо, къан а велла, хене
вирзина, ткъа дола даха дезаш хIинца а дуккха а
латтанаш ду. [2] Дуьсуш хIара латтанаш ду:
ПIелаштаман а, Гешуран а ши мохк. [3] Мисар-
махкана уллохь долчу Шихьор-хина тIера
къилбаседехьа йолчу Iекхран-гIалина тIекхаччалц
ду церан латта, ткъа иза канаIанхойн латта лоруш
ду. Цунна чуйогIу пIелаштамхойн пхеа урхалчин
гIаланаш: Iази а, Ашдод а, Ашкхилун а, Гати а,
Iекхран а. Iаваймхойн къомана тIехь а толам

‡ 12:6 Лелар 32:33; Карлабаькххинарг 3:12.

баккха безаш бу. 4 Къилбехь долу дерриг а
канаIанхойн латта схьадаккха дезаш ду,
цIаданхойн долахь йолчу МеIари-гIали тIера Апакх-
гIалина, эмархойн дозанна, тIекхаччалц. 5 Ткъа
иштта схьадаккхаза ду гебалхойн латта а,
малхбалехьа болу берриг а Ливанун-мохк а,
Хьермон-ломан къилбаседехь йолчу БаIал-Гадана
тIера Хьамат-Iинна тIекхаччалц болу. 6 †Ливанун-
махка тIера Мисрепат-Маймална тIекхаччалц
лаьмнашкахь Iаш болу цIаданхой исраилхошна
хьалхара дIалохкур бу Аса. И латта исраилхошна
юкъахь, дакъош а деш, декъа, Аса хьайна тIе-ма-
диллара. 7 Исс тайпанна а, Маннашан ах тайпанна
а юкъахь гуттаренна а дIасадекъа иза».

## Йордан тIера малхбалехьа латта декъар

8 ††Раабанан а, Гадин а тIаьхьенаша а, Маннашан
ах тIаьхьено а Йорданал дехьа, малхбалехьа, шайн
лаьттан дакъош Везачу Элан ялхо волчу Мусагара
хьалха схьаэцнера. 9 Арнон-тогIина йистехь йолчу
IаруIер-гIалина тIера цу тогIина чохь йолчу гIалина
тIекхаччалц долу латта а, Мейдебана тIера
Дибонна тIекхаччалц йолу шера аре а церан яра.
10 Ткъа иштта эмархойн паччахьан Сихьонан ерриг
а гIаланаш а царна дIаеллера. Хьешбон-гIалахь
паччахьалла деш Iийнера Сихьон, цуьнан латта
Iамминхойн дозанна тIекхаччалц Iуьллуш дара.
11 Цул сов, ГалIад-мохк а, гешурхойн а, маIхахойн а
латтанаш а, Хьермон-лам а, Салха-гIалина
тIекхаччалц болу Башан-мохк а, 12 Башан-махкахь
йолчу Iаштаратехь а, ЭдреIехь а паччахьалла
динчу IовгIин дерриг латта а дIаделлера царна.
Мусас хIаллакбинчу а, лаьхкинчу а *репахойн*
тIаьххьара виснарг вара иза. 13 Амма исраилхоша
Гешур а, МаIха а мехкашкара бахархой дIа ца
лаьхкира. Таханлерчу дийне кхаччалц
исраилхошна юкъахь Iаш бу уьш.
14 ‡Левин тIаьхьенна дакъа ца делира Мусас.
Исраилан халкъан Везачу Далла деана сагIанаш ду
церан дакъа, Везачу Эло левихошка ма-аллара.

## Раабанан тайпанан дакъа

15 Раабанан тайпанах долчу хIора гаранна латта
делира Мусас: 16 Арнон-тогIина йистехь йолу
IаруIер-гIала а, цу тогIина чохь йолу гIала а,
Мейдебана уллора ерриг шера аре а, 17 Хьешбон а,
шерачу арахь йолу ерриг цуьнан гIаланаш а:
Дибон а, Бамот-БаIал а, Байт-БаIал-МеIон а, 18 ЯхIац
а, Кхадимут а, МейпаIат а, 19 Кхиръятим а, Сибма а,
тогIи чуьра гу тIехь йолу Царати- *Шахьар* а, 20 Байт-
ПаIар а, Пасга-ломан басенаш а, Байт-Яшимут а.
21 Цул сов, шерачу арахь йолу ерриг гIаланаш а,
Хьешбонехь олалла динчу эмархойн паччахьан
Сихьонан берриг мохк а. Мусас хIаллаквинера и
паччахь а, маданхойн баьччанаш а: Ивай а, Рекхам
а, Цура а, Хьор а, РебаI а. Цу махкахь Iийна болу а,
Сихьонца бертахь хилла болу а элий бара уьш.
22 Исраилхоша байинчарна юкъахь БеIаран кIант,
пал тосуш волу БалиIам, вара. 23 Йордан-хица дара
Раабанан тайпанан декъан доза. Цу тайпанах
долчу гаранашна дIаелла гIаланаш а, цаьрца йолу
ярташ а яра уьш.

## Гадин тIаьхьенан дакъа

24 Иштта Гадин тайпанах долчу хIора гаранна а
латта делира Мусас. 25 Церан долахь яра ЯIзир-
гIала а, ГалIад-махкара массо а гIала а, Рабба-
гIалина уллохь йолчу IаруIер-гIалина тIекхаччалц
долу Iамминхойн ах латта а, 26 Хьешбонна тIера
Рамат-МицIпина а, Бетанаймна а тIекхаччалц а,
Махьанаймна тIера Дибаран дозанна тIекхаччалц
а долу латтанаш. 27 Йордан-тогIи чохь йолу
гIаланаш: Байт-ХIарам а, Байт-Нимра а, Сакхат а,
Цапун а. Цул сов, Хьешбонан паччахьан Сихьонан
пачхьалкхан кхин долу дакъа (иза Йордан-тогIин
малхбалехьа долу латта ду, Канарот-Iомана
тIекхаччалц долу). 28 Иштта гIаланаш а, ярташ а
кхаьчнера Гадин тайпанах долчу гаранашна.
Схьадаькккхинчу лаьтта тIера церан дакъош дара
уьш.

## Маннашан тайпанан малхбалехь долу дакъа

29 Маннашан эха тайпанах долчу гаранашна а
деллера Мусас латта. 30 Церан дакъа дара:
Махьанайм-гIали тIера дуьйна берриг а Башан-
мохк, Башанан паччахьан IовгIин дерриг а латта,
шена чуйогIуш Яиран кхузткъа юрт а йолуш. 31 Ткъа
ах ГалIад-мохк а, Башанан паччахь IовгIа чохь
Iийна Iаштарат а, ЭдреIи а гIаланаш а Маннашан
кIентан Макиран кIенташна дIаеллера. Макиран
кIентех шайн гаранашца эханна кхаьчнера уьш.
32 Ерихонна малхбалехьа, Йорданан тогIи чуьра
муабахойн аренашкара дерриг а латта дара Мусас
царна делларг. 33 ‡†Левин тIаьхьенна Мусас дакъа
ца делира: Исраилан халкъан Веза Дела Ша ду
церан дакъа, Цо цаьрга ма-аллара.

## Йордан-хина малхбузехьа латта декъар

14 ХIара ду исраилхошна юкъахь Йордан-хина
малхбузехь болу КанаIан-мохк бекъарх долу
дийцар. Мохк боькъуш, цунах царна дакъош дира
динан дас ЭлиIазара а, Нунин кIанта ЮшаIа а,
исраилхойн тайпанашкахь болчу доьзалийн
тхьамданаша а. 2 ‡‡Везачу Эло Мусагахула тIе-ма-
диллара, кхаж а тосуш, дийкъира цара иза исс
тайпанна а, Маннашан эха тайпанна а. 3 ‡‡†Шина
тайпанна а, Маннашан тайпанан вукху эханна а
Мусас Йорданал дехьа, малхбалерчу агIор, дакъа
деллера, ткъа Левин тайпанах болчарна царна

† 13:6 Лелар 33:54. †† 13:8 Лелар 32:33; Карлабаькккхинарг 3:12. ‡ 13:14 Карлабаькккхинарг 18:1.

‡† 13:33 Лелар 18:20; Карлабаькккхинарг 18:2. ‡‡ 14:2 Лелар 26:52-56; 34:13. ‡‡† 14:3, 4 Лелар 32:33; 34:14, 15; Карлабаькккхинарг 3:12-17.

юкъахь дакъа ца деллера. 4 Юсупан кIентех ши
тайпа схьадаьллера: Маннашан а, Эпрайман а.
Ткъа Левин тIаьхьенашна латта ца деллера, царна
гIаланаш еллера, бежанаш а, жаш а лело меттигаш
а луш. 5 Везачу Эло Мусана тIе-ма-диллара, дира
исраилхоша дерриг а, шаьш латтан дакъош
доькъуш.

### Килабан дакъа

6 †ЯхIудан тIаьхьенах болу нах баьхкира Галгале
ЮшаI волчу. Епунин кIанта Килаба, кхеназхочо,
элира цуьнга: «Хьуна хаьа Везачу Эло Делан стаг
волчу Мусага Кхадеш-БарнаьIахь хьох а, сох а
лаьцна аьлларг. 7 ††Сан шовзткъа шо дара, Везачу
Элан ялхочо Мусас Кхадеш-БарнаьIара со лаьтте
хьажа вохуьйтучу хенахь. Аса, юха а веана, сайна
хеташ дерг дIадийцира цуьнга. 8 Соьца баьхкинчу
вежарша нехан дегнашка кхерам тесира, ткъа со
сайн Везачу Дала бохучунна тIера ца велира. 9 ‡Цу
дийнахь Мусас чIагIо йира суна: „Хьан ког
тIебаьлла латта хьан а, хьан берийн а дакъа хир ду
гуттаренна а, хIунда аьлча сан Везачу Дала
бохучунна тIера ца вели хьо“, – аьлла. 10 Иштта
Везачу Эло дийна витина со, Цо Ша ма-аллара.
Шовзткъе пхи шо ма даьлла Везачу Эло Мусага и
дош аьллачул тIаьхьа. Цу хенахь исраилхой
яьссачу аренгахула лелаш бара. Хьажал соьга!
ХIинца сан дезткъе пхи шо ду. 11 Хьалха Мусас со
вохуьйтучу хенахь санна, хIинца а гIора долуш ву
со. ХIетахь хилла ницкъ бу соьгахь хIинца а тIом
бан а, кхин гIуллакх дан а. 12 Ткъа хIинца Везачу
Эло цу дийнахь суна лур ю аьлла йолу акъареш
схьало. Хьуна хезира хIетахь, цигахь Iаш *Iаьнакхан*
кIентий бу, церан гIаланаш яккхий а, чIагIйина а ю
аьлла. Амма Везачу Эло гIо а дина, ас арабаха мега
уьш, Везачу Эло ма-аллара».
13 Везачу Эле Епунин кIант Килаб декъалвар а
дехна, Килабе дола дайта Хьеврон-гIала дIаелира
ЮшаIа. 14 Хьеврон хIинца а кхеназхо волчу Епунин
кIентан Килабан тIаьхьенна дакъа хилла йисна,
хIунда аьлча иза исраилхойн Везачу Дала
бохучунна тIера ца ваьллера. 15 Хьевронан цIе
хьалха Кхиръят-АрбаI хилла. (АрбаI цIе йолуш
Iаьнакхахойн тIаьхьенашна юкъахь цхьа сийлахь
стаг хилла.)
Цул тIаьхьа тIамах садаьIира лаьтто.

### ЯхIудан тайпанан дакъа

15 ЯхIудан тайпанна кхаьчна дакъа цуьнан
гаранашна юкъахь дийкъира. Церан лаьтта
тIехь къилбехьа йолу яьсса аре Цин Эдом-махкаца
доза лоцуш яра. 2 Церан къилбехь долу доза
Дуьрачу хIордан къилбехь болчу берда тIехула
долалуш дара. 3 Къилбехь Акхрабайм-Iинна тIе а
дахана, Цин цIе йолчу яьссачу аренехула чекх а
даьлла, Кхадеш-БарнаьIа-гIалин къилбехьарчу
агIонна тIе а дахана, Хьацрани-гIалех тIех а даьлла,
цигара дIа Адар-гIала йолчу хьала а даьлла,
КхаркхаI-гIала йолчухьа дIахьаьвзаш дара и доза.
4 Цул тIаьхьа, Iацмун-гIаланах тIех а даьлла, Мисар-
мехкан дозанехь долчу хица дIа а дахана,
Дуьненаюккъерчу хIорда тIе доьдура иза. Цигахь
чаккхе яра цуьнан. Иштта дара ЯхIудан тIаьхьенан
къилбехь долу доза.
5 Малхбалехь доза Дуьрачу хIордаца дара,
Йордан-хи цунах дIакхетачу метте кхаччалц.
Къилбаседехь долу доза Йордан-хи Дуьрачу
хIордах кхетачохь долалуш дара. 6 Цул тIаьхьа
Байт-ХьагIла-гIалина тIе а дахана, юха Байт-Iариба-
гIалин къилбаседехьарчу агIонна уллохула доьдура
иза. КхидIа БохIанан тIулга тIе доьдура иза. (БохIан
Раабанан кIант хилла.) 7 Цигара Iахур-тогIи чухула
Дибарна тIе а дахана, къилбаседехьа а дирзина,
Галгал-гIалина тIе доьдура доза. Хинан
къилбехьара агIор йолчу Адуммим-Iинна дуьхьал
лаьтташ яра и гIала. КхидIа, Iейн-Шемешан хиш тIе
дIа а дахана, Iейн-РегIалахь чекхдолуш дара иза.
8 Цул тIаьхьа, Бен-ХIинам цIе йолчу тогIи чухула
Явсай-гIалин (я кхечу тайпана Ярушалайман)
къилбехьарчу агIорахула дIа а дахана, ломан
буьххье хьаладолура иза. И лам ХIинаман тогIина
дуьххьал малхбузехьа бара, цул сов, репахойн
тогIин йистехь къилбаседехьа а бара. 9 Цу ломан
буьххьера доза Нептухь олучу хина тIедоьрзуш
дара, ткъа цигара Iепрон-лома тIерачу гIаланаш тIе
доьдура. Юха БаIала-гIалина тIедоьрзура иза
(тахана цу гIалин цIе Кхиръят-ЯIарим ю).
10 БаIалина тIера хIорда тIе а доьрзий, цигара
СеIир-лам тIе доьдура доза. Цул тIаьхьа ЯIарайм-
ломан (хIинца цунах Кесалун олу) къилбаседехьа
йолчу агIор дIа а доьдий, Байт-Шамаш-гIала йолчу
чу а дуссий, Тамна-гIалахула чекхдолура. 11 Цигара
дIа, Iекхран-гIалин къилбаседехьарчу агIор а
долий, Шикрон-гIалина тIедоьдура доза. Юха,
БаIала-лома тIехула а долий, Ябниал-гIала кхочура.
Цуьнан чаккхе Дуьненаюккъерчу хIорда тIехь яра.
12 Цу хIордаца дара церан малхбузехь долу доза.
Массо а агIор иштта доза дара ЯхIудан тайпанах
болчу нехан.

### Килаба Хьеврон а, Дибар а схьаяккхар

(Куьйгалхой 1:11-15)

13 ‡†Везачу Эло шена тIе-ма-диллара, Епунин
кIантана Килабана ЯхIудан тайпанна юкъахь дакъа
делира ЮшаIа. Цо цунна елларг Кхиръят-АрбаI яра,
хIинца шех Хьеврон-гIала олуш йолу. (АрбаI
Iаьнакхан да хилла.) 14 Килаба цигара Iаьнакхан
тIаьхьенаш араехира. Уьш Шешайн а, Ахьиманан
а, Талмайн а цIийнах болу нах бара. 15 Кхузара дIа
Дибар-гIалин бахархошна тIелетира иза. (Цу гIалин
цIе хьалха Кхиръят-Сапар яра.) 16 Килаба элира:
«Кхиръят-Сапарна тIе а летта, и гIала

† *14:6 Лелар 14:30.* †† *14:7 Лелар 13:2-31.* ‡ *14:9 Лелар 14:24.*

‡† *15:13, 14 Куьйгалхой 1:20.*

схьаяьккхинчу стаге сайн йоI Iахисат маре
йохуьйтур ю ас». 17 Килабан вешин Кхеназан кIанта
Iотниал схьаяьккхира и гIала, тIаккха цуьнга шен
йоI Iахисат маре яхийтира Килаба. 18 Майрачун
цIен тIе дIайоьдучу дийнахь Iотниал тешийра цо,
шен дега Килабе латта деха деза аьлла †. Iахисат
вира тIера чуйоьссича, Килаба хаьттира цуьнга:
«ХIумма а оьший хьуна?» 19 ЙоIа элира: «Декъалъе
со. Ахь суна делла латта декъа а, даьсса а ду, хин
хьостанаш долу латта ахьа сайна дала лаьара
суна». ТIаккха Килаба лакхара а, лахара а
хьостанаш дIаделира цунна.

### ЯхIудан тIаьхьенан гIаланаш

20 Иштта дара ЯхIудан тайпанан шайн
гаранашкахь долу дакъа: 21 Эдом-мехкан дозанехь,
къилбехь, церан яра гIаланаш: Къабциал, Iедар,
ЯгIур, 22 Кхина, Димуна, Iадада, 23 Кхедаш, Хьацор,
Йитнан, 24 Зип, Телам, БеIалт, 25 Хьацор-Хьадата,
Кхиръют-Хьацрани я кхечу тайпана Хьацор,
26 Амам, ШемаI, Мулада, 27 Хьацар-Гада, Хьешмон,
Байт-Палти, 28 Хьацар-ШуIал, Беар-ШабаI, Бизъют-
ЯхIу, 29 БаIала, Iияйм, Iацам, 30 Элтолад, Кесал,
Хьорма, 31 ЦакхелагI, Мадмана, Сансана, 32 Лебаот,
Шелахьим, Iейн, Римун – ерриг а ткъе исс гIала яра
шайн ярташца.
33 Цул сов, малхбалехь долчу лаьмнийн
когашкахь а кхаьчнера царна гIаланаш: Эштаул,
ЦорIа, Ашна, 34 Занухь, Iейн-Ганим, Тапухьа,
Iейнам, 35 Ярмут, Iадулам, Соха, Iазекхи, 36 ШаIрайм,
Iадитайм, Гадира (я Гадирутайм) – ейтта гIала шайн
ярташца.
37 Ценан, Хьадаша, Мигдал-ГIад, 38 ДилIан, МицIпа,
Якхтаал. 39 Лахиш, Боцкхат, IегIлон, 40 Каббон,
Лахьмас, Китлиш, 41 Гадирут, Байт-ДагIон, НаIмат,
Макхеда – ялхитта гIала шайн ярташца.
42 Либна, Iетар, Iашун, 43 Йиптахь, Ашна, Нециб,
44 КъаIила, Ахзиб, Мареша – исс гIала шайн
ярташца.
45 Iекхран, шеца кегийра гIаланаш а, ярташ а
йолуш, 46 Iекхранна тIера Дуьненаюккъерчу хIорда
тIекхаччалц болу мохк, цу чу йогIуш Ашдод-гIалина
уллора гIаланаш а, ярташ а йолуш.
47 Ашдод, шеца йолчу гIаланашца а, ярташца а,
Iази, шеца йолчу гIаланашца а, ярташца а Мисар-
мехкан дозанехь долчу хина тIекхаччалц а,
Дуьненаюккъерчу хIорда тIекхаччалц а.
48 Лаьмнаш тIехь йолу гIаланаш: Шамир, Итар,
Соха, 49 Данна, Кхиръят-Сана (я Дибар), 50 Iанаб,
ЭштамуI, Iаним, 51 ГIашан, Хьулон, Гило – цхьайтта
гIала шайн ярташца.
52 Арба, Дума, Эшхьан, 53 Янум, Байт-Тапухьа,
Апекха, 54 ХьумтIа, Кхиръят-АрбаI (я Хьеврон),
ЦиIор – исс гIала шайн ярташца.

† *Майрачун цIен тIе дIайоьдучу дийнахь Iотниал тешийра цо, шен дега Килабе латта деха деза аьлла *– Грекийн гочдар тIехь: *Майрачун цIен тIе иза дIайоьдучу дийнахь Iотниала тIедиллира цунна, Килабе аре еха аьлла.**

55 МаIун, Кармал, Зип, ЮтIа, 56 ИзраIал, ЯкхдеIам,
Занухь, 57 Кхаим, ГебаI, Тамна – итт гIала шайн
ярташца.
58 Хьалхьул, Байт-Цур, Гадур, 59 МаIарат, Байт-
Iанот, Элтакхун – ялх гIала шайн ярташца.
60 Кхиръят-БаIал (кхечу тайпана Кхиръят-ЯIарим),
Рабба – ши гIала шайн ярташца.
61 Яьссачу арахь царна кхаьчна гIаланаш: Байт-
Iариба, Миддин, Секаха, 62 Нибшан, Туьха-гIала,
Iейн-ГIади – ялх гIала шайн ярташца.
63 ††Ярушалайман бахархой болу явсайхой ара ца
бахабелира ЯхIудан тайпане, цундела тахана а
явсайхой ЯхIудан тайпанах болчу нахаца цхьаьна
Iаш бу Ярушалаймехь.

### Эпрайман тайпанан а, Маннашан эха тайпанан а дакъош

16 Юсупан тайпанна деллачу декъан доза
Ерихонна уллорачу Йордан-хина тIера,
малхбалехь долчу Ерихонан шовданаш долчуьра
долалуш дара. Ерихонна тIера, яьссачу арахула дIа
а доьдий, шайна тIехь Бетал-гIала йолчу гунаш тIе
кхочура иза. 2 Бетална тIера Луз-гIалина тIе а
доьдий, цигара дIа Iаьркхахойн лаьтта тIехула чекх
а долий, Iатрут-гIала кхочура иза. 3 Цул тIаьхьа
малхбузехьа яплатихойн лаьтта тIекхаччалц
дIадоьдура иза, цигара, Лахарчу Байт-Хьоронна тIе
а доьдий, ГIазар-гIалина тIе кхочура.
Дуьненаюккъерчу хIорда тIехь чекхдолура и доза.
4 Иштта дара Юсупан шина кIентан, Маннашан а,
Эпрайман а, дакъош.

### Эпрайман тайпанан дакъа

5 Шайн гаранашкахь Эпрайман тайпанан дакъа
иштта дара: церан доза малхбалехь Iатрут-Адар-
гIалина тIера Лакхарчу Байт-Хьоронна тIекхаччалц
дара. 6 Цигара дIа доза хIорда тIе доьдура,
Михметатна къилбаседехьарчу агIор а долий. Юха,
Таанат-Шилун гIалин малхбалерчу агIор дIа а
доьрзий, цунах тIехдолура иза. Ткъа Янохь-гIалина
а малхбалехь йолчу агIонгахула дIадоьдура доза.
7 Янохьана тIера, Iатрут а, НаIран а гIаланашка чу а
дуссий, Ерихонна тIекхочура иза, цигара дIадахча,
Йордан-хина тIехь социура. 8 Тапухьа-гIалина тIера
малхбузехьа Кхана-хина тIе а доьдий, хIорда тIехь
чекхдолура доза. Иштта дара Эпрайман тайпанан
гаранашна делла долу дакъа. 9 Эпрайман тайпанна
елла шайн ярташца йолу гIаланаш Маннашан
тайпанан лаьттан декъа тIехь яра. 10 ‡Амма
Эпрайман тайпанах болчу наха ГIазар-гIалахь Iаш
болу канаIанхой дIа ца лаьхкира, таханлерчу дийне
кхаччалц эпраймхошна юкъахь бехаш бу уьш, леш
санна царна белхаш а беш.

†† *15:63 Куьйгалхой 1:21; Дауд 5:6; 1 Шерашкахь 11:4.* ‡ *16:10 Куьйгалхой 1:29.*

### Маннашан эха тIаьхьенан малхбузехь долу дакъа

17 Юсупан дуьххьарлерчу кIентан Маннашан
тIаьхьенна латта делира. Маннашан
дуьххьарлера кIант Макир ГалIадан да вара. Иза
майра тIемало хилла, ГалIад а, Башан а олу
меттигаш цуьнан тIаьхьенашна кхаьчнера.
2 Йордан-хин малхбузерчу агIор латта делира
Маннашан тайпанах бухабисинчу нахана. Цуьнан
тIаьхьенах болу божарий бара уьш: Абу-Iезар а,
Хьелакх а, Асриал а, Шехем а, Хьепар а, ШамидаI а.
Царах хIора а шен гаранна тIехь коьртаниг вара.
3 Цалпихьад Хьепаран кIант вара, Хьепар ГалIадан
вара, ГалIад Макиран вара, Макир Маннашан вара.
Цалпихьадан цхьа а кIант вацара, йоIарий бен.
Церан цIераш яра: Махьила, НуIат, Хьугила, Малка,
Тирца. 4 †Динан дена ЭлиIазарна а, Нунин кIантана
ЮшаIана а, тхьамдашна а тIе а баьхкина, цара
элира: «Везачу Эло Мусана тIедиллина, тхан
вежаршна юкъахь тхуна дакъош ло аьлла». Везачу
Эло тIедиллина ма-хиллара, шайн ден вежаршна
юкъахь дакъош делира царна. 5 Йорданал дехьа
долу ГалIадан а, Башанан а латтанаш доцург,
Маннашан тайпанна итт дакъа кхечира. 6 Цуьнан
тIаьхьенах болчу йоIаршна а, кIенташна санна,
дакъош кхечира, ткъа ГалIадара латта Маннашан
тайпанах долчу кхечу гаранашна дIаделлера.
7 Маннашан тайпанан доза Ашарна тIера
Михметатана тIекхаччалц Шехемна малхбалехьа
дара. Кхузара дIа доза къилбехьа доьдура, Iейн-
Тапухьа цIе йолчу меттигера бахархой чу а лоцуш.
8 Тапухьа-гIалина гонах долу латта Маннашан
тайпанан дара, ткъа дозанна тIехь йолу ша гIала
Эпрайман тайпанан яра. 9 Юха доза Кхана-хи
долчу, къилбехьа агIор, чудуссуш дара. И гIаланаш
эпраймхойн яра, ткъа уьш Маннашан тайпанан
гIаланаш юкъахь яра. Маннашан тайпанан доза,
хин къилбаседерчу агIор дIа а дахана,
Дуьненаюккъерчу хIорда тIехь чекхдолуш дара.
10 Къилбехьа долу латта Эпрайман тайпанан дара,
ткъа къилбаседехьа дерг Маннашан тайпанан
дара. Дуьненаюккъера хIорд Маннашан тайпанан
малхбузехь долу доза дара, цуьнан къилбаседера
доза Ашаран халкъан махкаца дара, ткъа
малхбалераниг Иссарханан халкъан махкаца дара.
11 Ашаран а, Иссарханан а латтанаш тIехь йолу
гIаланаш а яра Маннашан тайпанан долахь: Байт-
Шеан а, ИбалIам а, ткъа иштта царна гонах йолу
кегийра гIаланаш а. Цул сов, хIокху гIаланашкахь а
Iаш бара уьш: Дор, Iейндар, ТаIнак, МагIидда,
царна гонах йолу гIаланаш а (царах кхозлагIниг
Напат яра). 12 ††Цу гIаланашкара бахархой ара ца
бахабелира Маннашан тайпанах болчу нахе,
цундела канаIанхой цу латта тIехь баха бисира.
13 Шайн ницкъ алсамбаьлча, исраилхоша
канаIанхошка шайна болх бойтура, амма цу
махкара уьш массо а ара ца бехира цара.

### Юсупан тайпано латкъам бар

14 Юсупан тайпано элира ЮшаIе: «Тхуна цхьаъ
бен дакъа хIунда ца делла ахьа? Тхо дуккха а ма ду,
Везачу Эло тхо декъалдина дела».
15 ЮшаIа жоп делира: «Нагахь шаьш дуккха а
делахь, Эпрайман лам шайна тоьуш а бацахь,
хьаннашка а гIой, перезахойн а, репахойн а лаьтта
тIехь шайна меттиг яккха».
16 Юсупан тайпано элира: «Тхуна тоъал меттиг яц
ломахь, ткъа канаIанхой шерачу арахь а, тогIи
чохь а Iаш бу. Церан аьчках йина тIеман
гIудалкхаш а ю. Байт-Шеан-гIалахь а, цунна гонах
йолчу ярташкахь а Iаш берш а, ИзраIал-тогIи чохь
Iаш берш а тIеман гIудалкхаш йолуш бу».
17 Амма ЮшаIа элира Юсупан тIаьхьенах болчу
Эпрайман а, Маннашан а тайпанашкарчу нахе:
«Шу дуккха а ду, боккха ницкъ а бу шун. Цхьа дакъа
хилла Iийр дац шун: 18 ламанан мохк шун хир бу. Цу
тIехь хьун елахь а, аш иза дIацIанбийр бу, тIаккха
иза гуттаренна а шун хир бу. Аша канаIанхой
дIалохкур бу, церан аьчка гIудалкхаш елахь а, уьш
онда белахь а».

### Дисина латта декъар

18 Латта схьадаькkхинчул тIаьхьа дерриг а
Исраилан халкъ Шилунехь схьагулделира.
Везачу Элан деза четар дIахIоттийра цара цигахь.
2 Исраилхойх лаьттан дакъа кхачаза кхин а ворхI
тайпа дара. 3 ЮшаIа элира исраилхошка: «Кхин мел
Iан дагахь ду шу, шун дайн Везачу Дала шайна
делла латта схьа а ца оьцуш? 4 ХIора тайпанах
кхоккха стаг схьакъаставе. Ас лаьтте хьовса а,
цунах дерг дIаяздан а бохуьйтур бу уьш. ХIора
тайпанна догIучуьнга хьаьжжина, иза муха декъа
деза дIа а яздина, суна тIе юхабогIур бу уьш. 5 Латта
ворхI декъе декъа деза. ЯхIудан тайпа шен лаьтта
тIехь къилбехь Iийр ду, ткъа Юсупан тайпа шен
лаьтта тIехь къилбаседехь Iийр ду. 6 Лаьттан ворхI
декъах яздинарг суна схьада. Аса вайн Везачу
Далла хьалха шуна кхаж тосур бу. 7 Левихошна
шуна юкъахь дакъа хир дац, хIунда аьлча Везачу
Элана гIуллакх дар ду церан дакъа. Ткъа Гадин а,
Раабанан а тайпанаша а, Маннашан эха тайпано а
Везачу Элан ялхочо Мусас шайна делла дакъош
Йордан-хин малхбалерчу агIор схьаэцна».
8 Хаьржина болу нах лаьтте хьовса бахара. Уьш
дIабахале, ЮшаIа царна тIедиллира: «Даха а гIой,
лаьтте а хьовсий, цунах дерг дIа а яздай, суна тIе
юхадуьйла. Ас кхузахь, Шилунехь, Везачу Элана
хьалха шуна кхаж тосур бу». 9 Уьш, дIа а бахана, цу
лаьттахула чекхбевлира. Дерриг а цунах дерг а,
ерриг а гIала а тептар тIехь ворхI декъехь
дIаязйира цара. Юха ЮшаI волчу Шилуне
схьабаьхкира уьш. 10 ЮшаIа Шилунехь Везачу
Элана хьалха кхаж тесира царна. Юха исраилхойн

† *17:4 Лелар 27:1-7.* †† *17:12, 13 Куьйгалхой 1:27, 28.*

дисинчу хIора тайпанна дIадийкъира цо
билгалдаьхна долу лаьттан дакъош.

### Бен-Яманан тайпанан дакъа

11 Хьалхара кхаж Бен-Яманан тайпанах долчу
гаранашна белира. ЯхIудан а, Юсупан а
тайпанашна юккъехь Iуьллуш дара церан латта.
12 Къилбаседерчу агIор церан доза Йордан-хина
тIера долалуш дара. Ерихонна уллохула
къилбаседехула чекх а долий, малхбузехьа а
доьрзий, гунаш тIе хьаладолура иза. Цигара дIа
Байт-Аван цIе йолчу яьссачу аренга кхочура иза.
13 Юха доза, Луз-гIалин (кхечу кепара Беталан)
къилбехь йолчу басенна тIе а доьдий, цигара
Iатрут-Адар-гIала йолчу чу а дуссий, Лахарчу Байт-
Хьорон-гIалин къилбехьарчу агIор лаьттачу лома
тIе доьдура. 14 Цул тIаьхьа, цу ломан малхбузерчу
агIонна тIера къилбехьа дIа а доьрзий, ЯхIудан
тайпанан йолчу Кхиръят-БаIал-гIалина (я кхечу
кепара Кхиръят-ЯIаримна) тIедоьдура иза.
Малхбузера доза иштта дара. 15 Къилбера доза,
Кхиръят-ЯIаримна тIера дIа а долалой, Нептухь цIе
йолчу хьостана тIе кхочура. 16 Юха, ХIинам-тогIина
дуьхьал болчу ломан когашка чу а дуссий,
репахойн тогIи чухула къилбаседехьа а доьдий,
Явсай-гIалин къилбехьарчу агIор ХIинам-тогIи чу
дуссура иза, цигара дIа Iейн-РегIал цIе йолчу
хьостана тIе доьдура. 17 Цул тIаьхьа, къилбаседехьа
дIа а доьрзий, Iейн-Шемешана тIе а доьдий, цигара
дIа Адуммим-Iинна дуьхьал йолчу Галилутна
тIедоьдура доза. Цигара дIа Раабанан кIентан
БохIанан тIулг болчу чудуссура иза. 18 Юха, Iариба-
тогIина дуьхьал долчу гунийн къилбаседерчу агIор
дIа а доьдий, тогIи чу дуссура иза. 19 Цул тIаьхьа,
Байт-ХьагIла-ломан къилбаседерчу агIор чекх а
долий, Дуьрачу хIордан къилбаседерчу берда
йистехь чекхдолура доза, Йордан-хи хIордах
кхетачу меттехь. Иштта дара къилбера доза.
20 Малхбалера доза хилла догIуш Йордан-хи дара.
Массо а агIор долчу дозанашца иштта дара Бен-
Яманан тайпанан лаьттан дакъа.
21 Бен-Яманан тайпанан хIара гIаланаш яра:
Ерихон, Байт-ХьагIла, Iемакх-Кхациц, 22 Байт-
Iариба, ЦIемарайм, Бетал, 23 Iавайм, Пара, Iапру,
24 Кепар-Iамуна, Iапни, ГибаI – шийтта гIала шайн
ярташца. 25 ГавIон, Рама, Баировт, 26 МицIпа,
Капира, Моца, 27 Рекхам, Йирпиал, Тар-Ала, 28 ЦелаI,
Элеп, Явсай (я кхечу тайпана Ярушалайм), ГебаI,
Кхиръят-ЯIарим – ейтта гIала шайнярташца.
Иштта дара Бен-Яманан тайпанан дакъош.

### ШимIин тайпанан дакъа

19 ШолгIа кхаж ШимIин тайпанна белира.
ЯхIудан тайпанна деллачу лаьттана юккъехь
нисделлера церан дакъош. 2 †Царна кхаьчнарг
хIара дара: Беар-ШабаI (я ШебаI), Мулада, 3 Хьацар-
ШуIал, Бала, Iацам, 4 Элтолад, Бетул, Хьорма,
5 ЦакхелагI, Байт-Маркабут, Хьацар-Суса, 6 Байт-
Лебаот, Шарухьен – кхойтта гIала шайн ярташца.
7 Iейн, Римун, Iетар, Iашун – йиъ гIала царна
гонах йолчу ярташца. 8 Цул сов, цу гIаланашна
гонах йолу массо а юрт яра церан, ур-атталла
БаIалт-Беарана (я кхечу тайпана къилбехь йолчу
Рамина) тIекхаччалц. Иштта дара ШимIин
тайпанан дакъа. 9 ЯхIудан тайпанах болчу нехан
латта царна оьшучул сов дара, цундела церан
лаьттах дакъа деллера ШимIин тайпанна. Иштта
церан дакъошна юккъехь нисделлера ШимIин
тайпанах болчеран латта.

### Забулан тайпанан дакъа

10 КхоалгIа кхаж Забулан тайпанна белира. Церан
декъан доза Сарид-гIалина тIекхаччалц
дIадоьдура. 11 Юха, малхбузехьа МарIалана тIе а
доьдий, цигара дIадахча, Дабешетах дIа а кхетий,
тIаккха ЯкхнаIамна уллорачу хина тIе кхочура иза.
12 Саридана тIера малхбалехьа Кислут-Табурна
тIедоьрзура доза, цул тIаьхьа Дубратана тIе а
доьдий, юха ЯпияI йолчу хьаладолура иза. 13 Цул
тIаьхьа малхбалехьа Гати-Хьепарна а, Iет-Кхацинна
а тIе а кхочий, кхидIа Римуна тIе а доьдий, НеIа
йолчу агIор дIадоьрзура. 14 Къилбаседехь доза
Хьанатон йолчу дIадоьрзура, кхидIа а доьдий,
Яптахь-Эл-тогIи чохь чекхдолура. 15 Церан лаьтта
тIехь шийтта гIала яра шайн ярташца. Царах
цхьаерш хIорш ю: КхатIат, НахIлал, Шимрон, Йида-
Ала, Байтлахам. 16 Иштта гIаланаш а, ярташ а
кхаьчнера Забулан тайпанах долчу гаранашна.

### Иссарханан тайпанан дакъа

17 БоьалгIа кхаж Иссарханан тайпанах долчу
гаранашна белира. 18 Церан лаьтта тIехь яра:
ИзраIал, Кесулот, Шунам, 19 Хьапарайм, Шион,
Анахьарат, 20 Рабит, Кхишон, Эбец, 21 Ремет, Iейн-
Ганим, Iейн-Хьада, Байт-Пацац. 22 Доза, Табурна а,
Шахьацимана а, Байт-Шамашна а тIе а кхочий,
цигара дIадоьдий, Йордан-хина уллохь чекхдолура.
Царна кхаьчнарг ялхитта гIала яра шайн ярташца.
23 Иштта гIаланаш а, ярташ а кхаьчнера
Иссарханан тайпанах долчу гаранашна.

### Ашаран тайпанан дакъа

24 ПхоьалгIа кхаж Ашаран тайпанах долчу
гаранашна белира. 25 Церан дола яьлларг яра:
Хьелкхат, Хьали, Бетен, Ахишап, 26 Алам-Малик,
IамIад, Мишъал. Малхбузерчу агIор долу церан
доза Кармал-ломана а, Шихьор-Либнатна а
тIекхочура. 27 Юха, малхбалехьа Байт-ДагIон йолчу
дIа а доьрзий, Забулна а, Яптахь-Эл-тогIина а
тIекхочура иза. Цул тIаьхьа къилбаседехьарчу
агIор Байт-Iамакхна, НеIилна а тIех а долий,
Хабулна тIекхочура иза. 28 Цул тIаьхьа доза,
Iабранина а, Рахьубна а, Хьамунна а, Кханина а тIе

† *19:2-8 1 Шерашкахь 4:28-33.*

а доьдий, юха Сийлахьчу ЦIаданна тIекхаччалц
дIадоьдура. 29 Рама-гIала йолчу юха а доьрзий,
цигара дIа чIагIйина йолчу Цора-гIалина
тIедоьдура доза, ткъа цигара дIа Хьоса-гIалина
тIедоьрзура. ХIорда йистехь, Ахзиб олучу меттехь,
чекхдолура иза. 30 Iума, Апакх, Рахьуб а кхаьчнера
царна. Ерриг а ткъе ши гIала яра шайн ярташца.
31 Иштта гIаланаш а, ярташ а кхаьчнера Ашаран
тайпанах долчу гаранашна.

### Напталан тайпанан дакъа

32 ЙолхалгIа кхаж Напталан тайпанах долчу
гаранашна белира. 33 Церан доза, Хьелеп-гIала а,
ЦаIнаним-гIалина уллора нежнаш а долчуьра
дIадолалой, Адами-Некхабна а, Ябниална а тIе а
доьдий, Лакхумна тIекхочура. Ткъа цигара
дIадахча, Йордан-хи тIехь чекхдолура иза.
34 Кхузара дIа доза малхбузехьа Азнот-Табурна тIе а
доьрзий, юха цигара Хьукхакхана тIе а доьдий,
къилбехь Забулан латтах дIахотталора, ткъа
малхбузехь Ашаран латтах дIахотталора.
Малхбалехь иза Йорданна тIе кхочура †.
35 ЧIагIйина гIаланаш хIорш яра: Цидим, Зер,
Хьамат, Ракхат, Канарот, 36 Адама, Рама, Хьацор,
37 Кхедаш, ЭдреIи, Iейн-Хьацор, 38 Йиръон, Мигдал-
Эл, Хьорем, Байт-Iанат, Байт-Шамаш – ткъайоьсна
гIала шайн ярташца. 39 Иштта гIаланаш а, ярташ а
кхаьчнера Напталан тайпанах долчу гаранашна.

### Данан тайпанан дакъа

40 ВорхIалгIа кхаж Данан тайпанах долчу
гаранашна белира. 41 Церан декъа чуйогIуш яра:
ЦорIа, Эштаул, Iир-Шемеш, 42 ШаIалбан, Айлон,
Йитла, 43 Эйлон, Тамна, Iекхран, 44 Элтакха, Габитун,
БаIалт, 45 ЙихIуд, Бини-Биракх, Гати-Римун, 46 Ме-
Яркхун, Ракхун, Яппи-гIалина уллора латта. Данан
тайпане шайна беллачу мехкан дола дан ца
делира. 47 ††ТIаккха, Лешем-гIалина тIе а летта, иза
схьа а яьккхина, цуьнан бахархой хIаллакбира
Данах схьабевллачу наха. Цу гIалахь баха хевшира
уьш, цуьнан цIе Дан а тиллина, шайн ден Данан
цIарах. 48 Иштта гIаланаш а, ярташ а кхаьчнера
Данан тайпанах долчу гаранашна.

### Нунин кIентан ЮшаIан дакъа

49 Шаьш латта декъна бевлча, Нунин кIантана
ЮшаIана а шайна юккъехь дакъа делира
исраилхоша. 50 Везачу Эло тIе-ма-диллара, ЮшаIа
шена ехна йолу гIала елира цара цунна. Иза
Эпрайман лам тIехь йолу Тамнат-Серахь яра. ГIала
то а йина, цу чохь ваха хиира ЮшаI.
51 Иштта дара исраилхошна шайн тайпанашкахь
декъна латтан дакъош. Динан дас ЭлиIазара а,
Нунин кIанта ЮшаIа а, халкъан тхьамданаша а,
кхаж а тосуш, Шилунехь, Веза Эла волчохь, Цуьнан
дезачу четарна хьалха декънера уьш. Латтанаш
декъар иштта чекхделира.

### ДIалочкъийла йолу гIаланаш

20 ‡Везачу Эло ЮшаIе элира: 2 «ДIаала
исраилхошка: „Стагана дIалачкъа гIаланаш
харжа шайна, Мусагахула Ас шуьга ма-аллара.
3 Нагахь цхьаммо ларамаза стаг вийнехь, цунна
дIалачкъа меттиг хир ю иза. Нагахь шух цхьаммо
ларамаза стаг вийнехь, шун аьтто хир бу цига
дIадовда а, бекхам лоьхучух цу гIалахь дIалачкъа а.
4 Иштачу гIала ведда веанарг, гIалин кевне а
хIоьттина, цигарчу къаношка шена хилларг
дIадийца дезаш ву. Цара, шайн гIалахь тIе а
лаьцна, ваха меттиг лур ю цунна. 5 Иза вен дагахь
бекхам лоьхург тIаьхьаваьлча, тхьамданаша дIалур
вац ведда веанарг, хIунда аьлча цо ларамаза вийна
уллораниг. Селхана а, стомара а вийначуьнга
цабезам ца хилла цуьнан. 6 Кху гIалахь Iийр ву иза,
ша халкъана хьалха кхеле хIотталц, цу заманахь
волу *динан коьрта да* валлалц. Цул тIаьхьа стаг
вийнарг шен гIала а, шен цIийне а юхаверза йиш
йолуш хир ву“».
7 Галилай-махкахь Напталан гунаш тIехь йолу
Кхедаш-гIала а, Эпрайман лам тIера Шехем-гIала а,
ЯхIудан гунаш тIера Кхиръят-АрбаI а (кхечу
тайпана Хьеврон) дIакъастийра. 8 Йордан-хил
дехьа, Ерихон-гIалина дуьхьал, малхбалехьа цара
дIакъастийра: Раабанан тайпанах яьссачу арахь
Бацар-гIала, Гадин тайпанах ГалIад-махкахь Рамат-
гIала, Маннашан тайпанах Башан-махкахь Голан-
гIала. 9 И гIаланаш берриг а исраилхошна а, уьш
болчохь Iаш болчу тIебаьхкинчу нахана а лерина
яра, ларамаза стаг вийнарг, халкъана хьалха кхеле
хIотталц, дIалачкъархьама, бекхам бан гIерташ
болчу мостагIаша иза веле.

### Левихойн гIаланаш

21 Левихойн тIаьхьенийн тхьамданаш
баьхкира динан дена ЭлиIазарна а, Нунин
кIантана ЮшаIна а, исраилхойн тайпанийн
тхьамданашна а тIе. 2 ‡†КанаIан-махкахь йолчу
Шилун-гIалахь дара иза. Левихойн тхьамданаша
элира: «Мусагахула Везачу Эло тIедиллина, тхуна
чохь Iан гIаланаш а, даьхни лело цу гIаланашна
уллора аренаш а ло аьлла». 3 Везачу Эло тIе-ма-
диллара, шайн лаьттан дакъойх схьа а къастийна,
левихошна гIаланаш а, царна уллора аренаш а
елира исраилхоша. 4 Хьалхара кхаж КхахIатан
тIаьхьенашна белира. И кхаж баларца ЯхIудан а,
ШимIин а, Бен-Яманан а тайпанех схьабевлла
болчу наха левихошна, динан ден АхIаронан
кIенташна, кхойтта гIала елира. 5 Кхаж баларца
КхахIатан кхечу тIаьхьенашна а Эпрайман а, Данан

† Iебархойн тептар тIехь иштта ду: *Малхбалехь, Йорданна йистехь, ЯхIудан лаьтта тIе а кхочура иза.* †† 19:47 Куьйгалхой 18:27-29.

‡ 20:1-9 Лелар 35:9-34; Карлабаькккхинарг 4:41-43; 19:1-13.
‡† 21:2 Лелар 35:1-8.

а тайпанех схьабевллачу нахера а, Маннашан ах
тайпанах болчу нахера а итт гIала кхечира.
6 ГIиршанан тIаьхьенашна Иссарханан а, Ашаран а,
Напталан а тайпанех схьабевллачу нахера а,
Башан цIе йолчу меттера Маннашан ах тайпанах
болчу нахера а кхойтта гIала кхечира кхаж
баларца. 7 Мерарин тIаьхьенашна шайн
гаранашкахь Раабанан а, Гадин а, Забулан а
тайпанех схьабевллачу нахера шийтта гIала
кхечира. 8 Везачу Эло Мусагахула шайна тIе-ма-
диллара, и гIаланаш царна уллорачу аренашца,
кхаж а тосуш, левихошна дIаелира исраилхоша.
9 ЯхIудан а, ШимIин а тайпанаша левихошна
еллачу гIаланийн цIераш иштта яра: 10 КхахIатан
тIаьхьенах болчу АхIаронан кIенташна а, Левин
кIенташна а, царна кхаж хьалха баларна,
11 Кхиръят-АрбаI цIе йолу гIала а, цунна гонахара
аренаш а елира. (Iаьнакхан ден АрбаIан цIарах яра
и гIала. Иза ЯхIудан гу тIехь яра, кхин цIе а яра
цуьнан – Хьеврон). 12 Цу гIалина уллора аре а,
ярташ а Епунин кIантана Килабана елира.
13 Иштта динан ден АхIаронан кIенташна елира
лурбоьлла нах ловчкъу гIала – Хьеврон а, гIала
Либна а, цу шина гIалина уллора аренаш а. 14 Кхин
а царна елира шен аренашца Итар-гIала а, шен
аренашца ЭштамуI-гIала а, 15 Хьулон-гIала а,
цуьнан аренаш а, Дибар-гIала а, цуьнан аренаш а,
16 Iейн-гIала а, цуьнан аренаш а, ЮтIа-гIала а,
цуьнан аренаш а, Байт-Шамаш-гIала а, цуьнан
аренаш а. Цу шина тайпано елла и исс гIала яра.
17 Бен-Яманан тайпано елира гIаланаш: ГавIон а,
цуьнан аренаш а, ГибаI а, цуьнан аренаш а,
18 Iанатот-гIала а, цуьнан аренаш а, Iалмун-гIала а,
цуьнан аренаш а. Цара елларг йиъ гIала яра.
19 АхIаронан тIаьхьенашна, динан дайшна,
кхаьчнарг кхойтта гIала а, царна гонахара аренаш
а яра. 20 КхахIатан тIаьхьенах болчу кхечу
левихошна, кхаж баларца, кхечира Эпрайман
тайпано елла гIаланаш. 21 Эпрайман лам тIехь йолу
Шехем-гIала а, цуьнан аренаш а кхечира царна. И
гIала лурбоьлла нах шена чохь дIаловчкъуш яра.
Цул сов, ГIазар-гIала а, цуьнан аренаш а елира
царна. 22 Кхибцайм-гIала а, цуьнан аренаш а, Байт-
Хьорон-гIала а, цуьнан аренаш а елира. Ерриг а
йиъ гIала яра уьш. 23 Данан тайпано елира
гIаланаш: Элтакха а, цуьнан аренаш а, Габитун а,
цуьнан аренаш а, 24 Айлон а, цуьнан аренаш а,
Гати-Римун а, цуьнан аренаш а. Йиъ гIала яра цара
елларг. 25 Маннашан ах тайпано елира гIаланаш:
ТаIнак а, цуьнан аренаш а, Гати-Римун а, цуьнан
аренаш а. Цара елларг ши гIала яра. 26 КхахIатан
тIаьхьенах болчу кхечу доьзалшна кхаьчнарг
ерриг а итт гIала а, церан аренаш а яра.
27 ГIиршанан тIаьхьенах болчу левихошна елира
хIара гIаланаш: Маннашан ах тIаьхьено елира
лурбоьлла нах ловчкъуш йолу Голан-гIала а,
цуьнан аренаш а. И гIала Башан олучу меттехь яра.
Цул сов, цара елира БаIаш-Тара-гIала а, цуьнан
аренаш а. Ерриг а ши гIала. 28 Иссарханан тайпано
елира гIаланаш: Кхишон а, цуьнан аренаш а,
Дубрат а, цуьнан аренаш а. 29 Ярмут а, цуьнан
аренаш а, Iейн-Ганим а, цуьнан аренаш а. Йиъ
гIала елира цара. 30 Ашаран тайпано елира
гIаланаш: Мишъал а, цуьнан аренаш а, Iабдани а,
цуьнан аренаш а. 31 Хьелкхат а, цуьнан аренаш а,
Рахьуб а, цуьнан аренаш а. Йиъ гIала яра цара
елла. 32 Напталан тайпано елира гIаланаш:
лурбоьлла нах ловчкъуш йолу Галилай-махкара
Кхедаш а, цуьнан аренаш а, Хьамут-Дор а, цуьнан
аренаш а, Кхартан а, цуьнан аренаш а. Кхо гIала
елира цара. 33 ГIиршанан тIаьхьенах болчу нахана
кхаьчнарг кхойтта гIала а, царна гонах йолу
аренаш а яра. 34 Мерарин тIаьхьенах болчу кхечу
левихошна а елира гIаланаш. Забулан тайпано
дIакъастийра: ЯкхнаIам а, цуьнан аренаш а,
Кхартахь а, цуьнан аренаш а, 35 Димна а, цуьнан
аренаш а, НахIлал а, цуьнан аренаш а. Йиъ гIала.
36 Раабанан тайпано елира Бацар-гIала а, цуьнан
аренаш а, ЯхIац-гIала а, цуьнан аренаш а,
37 Кхадимут-гIала а, цуьнан аренаш а, МейпаIат-
гIала, цуьнан аренаш а. Цара елларг йиъ гIала яра.
38 Гадин тайпанах болчу наха елира гIаланаш:
ГалIад-махкахь йолу, шена чохь лурбоьлла нах
дIаловчкъу Рамат-гIала а, цуьнан аренаш а,
Махьанайм а, цуьнан аренаш а. 39 Кхин а елира
Хьешбон-гIала а, цуьнан аренаш а, ЯIзир-гIала а,
цуьнан аренаш а. Цара елларг йиъ гIала яра.
40 Кхаж тасарца Мерарин тIаьхьенах болчу
левихошна кхаьчнарг шийтта гIала яра.
41 Исраилхойн бахамна юкъахь левихойн долахь
шовзткъе бархI гIала а, царна гонахара аренаш а
яра. 42 Цу гIаланашна гонах аренаш яра, хIора
гIалин шен латта а долуш.

### Исраилхоша шайн мехкан доладар

43 Иштта Везачу Эло, Ша церан дайшна лур бу
аьлла, чIагIо йина болу мохк исраилхошна
дIабелира. Иза схьа а эцна, цу тIехь баха хевшира
уьш. 44 Массо а агIор царна синтем белира Везачу
Эло, церан дайшка Ша ма-аллара. Исраилхойн
мостагIех цхьа а царна дуьхьало еш вацара. Везачу
Эло церан кара дIабеллера мостагIий. 45 Дерриг а
Везачу Эло исраилхошна хир ду аьлла диканиг
кхочуш ца хуьлуш ца дисира. Дерриг а
кхочушхилира

### ЮшаIа Йорданал дехьара исраилхойн тайпанаш дIахоьцу

22 Раабанан а, Гадин а тайпанашший,
Маннашан ах тайпий тIе а кхайкхина, ЮшаIа
элира цаьрга: 2 †«Везачу Элан ялхочо Мусас
тIедиллинарг дерриг а кхочуш а дина аша, ас омра
динчул тIаьхьа массо а даше ла а доьгIна. 3 ХIара де
тIекхаччалц, дуккха а хенахь шайн вежарий

† 22:2 *Лелар 32:20-32; Якъуба 1:12-15.*

дIатесна ца битира аша, Везачу Эло, шун Дала,
тIедиллинарг кхочуш а дира. [4] ХIинца Везачу Эло,
шун Дала, синтем белла шун вежаршна, Ша цаьрга
ма-аллара. ХIинца, Везачу Элан ялхочо Мусас
Йорданал дехьа шайна деллачу латтанаш тIе дIа а
гIой, шайн четарш чу юхадерза. [5] Амма леррина
кхочушдан хьовсалаш Везачу Элан ялхочо Мусас
шайна делла весеташ а, *товрат-хьехам* а: Веза Эла,
шайн Дела, везар а, Цуьнан некъашкахула лелар а,
Цуьнан парзаш Iалашдар а, Цунах хоттадалар а,
дерриг а шайн дагаца а, синца а Цунна гIуллакх дар
а». [6] Цул тIаьхьа, уьш декъал а бина, дIабахийтира
ЮшаIа. Уьш шайн четаршка дIасабекъабелира.
[7] Маннашан тайпанан цхьаьна декъана Башанехь
латта Мусас делира, ткъа вукху декъана латта
Йорданал дехьа, малхбузехьа, шен вежаршца
ЮшаIа делира. Шайн четаршка дIабохуьйтуш, цо
уьш декъалбира. [8] ЮшаIа элира цаьрга: «Доккхачу
хьолаца юхадоьрзуш ду шу шайн четаршка,
шуьгахь дуккха а даьхни а, дети а, деши а, цIаста а,
эчиг а, тайп-тайпана духарш а ду. Шайн вежаршца
екъа мостагIашкара шаьш яьккхина йолу хIонс».
[9] Раабанан а, Гадин а тайпанаш а, Маннашан
тайпанах ах дакъа а исраилхой болчуьра КанаIан-
махкахь йолчу Шилунера дIадахара. Везачу Элан
омрица Мусагахула шайна деллачу, ГалIад-махкахь
долчу лаьтта тIе бахара уьш.

### Йордан-хина уллохь болу сагIа доккху кхерч

[10] КанаIан-махкахь, Йорданна уллохь, Раабанан а,
Гадин а тайпанаша а, Маннашан тайпанан эха
декъо а сагIа доккху боккха кхерч бира.
[11] Исраилхошна хезира, наха дуьйцуш: «Раабанан
а, Гадин а тайпанаша а, Маннашан тайпанан эха
декъо а КанаIан-махкахь, Йорданна уллохь, *сагIа
доккху кхерч* бина, исраилхошна дуьххьал».
[12] Шайна иза хезча, берриге а исраилхой Шилунехь
вовшахкхийтира царна дуьхьал тIаме бовла.
[13] Амма цкъа хьалха исраилхоша ЭлиIазаран
кIант волу *динан да* Пайнехьас вахийтира ГалIад-
махка, Раабанан а, Гадин а тайпанаш а, Маннашан
ах тайпа а долчу. [14] Цуьнца цхьаьна исраилхойх
хIора тайпанан тхьамда а вахара. Уьш итт вара,
царах хIора а эзарнаш исраилхошна тIехь тхьамда
вара. [15] Раабанан а, Гадин а тайпанаш а, Маннашан
ах тайпа а долчу ГалIад-махка баьхкина, цара
элира: [16] †«Везачу Элан дерриге а халкъо а хоьтту:
„Исраилхойн Далла хьалха хIун зулам ду аша
динарг, Везачу Элана тIера дIа а дирзина, шайна
сагIа доккху кхерч а бина, Везачу Элан дуьхьал а
девлла? [17] ††Иза бахьанехь Везачу Элан халкъана
таIзар дина долу, таханлерчу дийне кхаччалц вай
цунах цIандалаза долу ПаIора дина зулам кIезиг
дара вайна? [18] Ткъа шу Везачу Элах дIадирзина
тахана! Шу тахана цунна дуьхьал девлла, ткъа
кхана Иза дерриг а Исраилан халкъана оьгIазгIур
ву. [19] Шайн долахь долу латта шайна цIена ца
хетахь, Везачу Элан долахь долчу лаьтта тIе довла.
Цу тIехь Цуьнан деза четар ду. Тхуна юккъехь
шайна латта схьаэца, амма Везачу Элана а, тхуна а
дуьхьал ма довла, вайн Везачу Далла сагIа
доккхург боцург, кхин кхерч а бай. [20] Хьарам
динчунна тIера хIума схьа а эцна, зулам динарг
Зерахьан кIант цхьа Iахан бен вацара, ткъа
оьгIазалла берриг а исраилхошна тIе йоьссира. И
цхьаъ велла ца Iара шен зулам бахьана долуш“».
[21] Раабанан а, Гадин а тайпанаша а, Маннашан
эха тайпано а жоп делира исраилхойн
тхьамданашка: [22] «Деланийн Дела ву Веза Эла,
Деланийн Дела ву, Цунна хаьа, Исраилан халкъана
а хаьийла! Нагахь тхо, дуьхьал а девлла, Везачу
Элах дIадоьрзуш делахь, кху дийнахь Цо кхел
йойла тхуна! [23] Нагахь оха сагIа доккху кхерч
Везачу Элах дIакъастархьама бинехь, я цу тIехь
дийнаташ дагоран а, баьпкан а, бертан а сагIанаш
даха бинехь, Везачу Эло Ша таIзар дойла тхуна!
[24] Оха иза дина, цхьана хIуманах кхоьруш:
тIейогIучу хенахь шун кIенташа тхайчаьрга ца
алийта: „Шун хIун гIуллакх ду Везачу Элаца,
исраилхойн Делаца! [25] Везачу Эло Йорданах доза
дина тхуна а, шуна а юккъехь, Раабанан а, Гадин а
тайпанаш: Везачу Элехь шун дакъа дац“. Иштта
шун кIенташа тхайнаш Веза Эла лара тIебуьтур
бацара. [26] Цундела элира оха, дийнаташ дагоран а,
кхин долу а сагIанашна а боцуш, кхерч бер вай
ваьшна. [27] Дийнаташ дагоран а, кхин долу а
сагIанаш дохуш а, совгIаташ луш а Везачу Элана
гIуллакх деш тхо хиларан тхуна а, шуна а, вайн
тIаьхьенашна а иза теш хилийта, тIейогIучу хенахь
шун кIенташка тхайчаьрга ца алийта: „Везачу
Элехь шун дакъа дац“. [28] Оха бохура, нагахь тхоьга
а, тхан тIаьхьенашка а тIейогIучу хенахь иштта
алахь, оха эр ду: „Везачу Элана леринчу кхерчан
кепехь бина кхерч гой шуна? Иза тхан дайша
дийнаташ дагоран а, кхечу тайпанан сагIанашна а
лерина ца бина, тхуна а, шуна а юкъахь теш
хилийта бина“. [29] ТIе ма догIийла, Везачу Элана
дуьхьал а девлла, Цунах дIа а къаьстина, дийнаташ
дагоран а, баьпкан а, кхин а сагIанаш даха кхерч
бар, вайн Везачу Далла лерина болу, Цуьнан
дезачу четарна хьалха боцург».
[30] Пайнехьас а, халкъан тхьамданаш а,
исраилхойн эзар стагана тIехь болу куьйгалхой а,
Раабанан а, Гадин а, Маннашан а тайпанех
болчара ден къамел а хезна, царна резахилира.
[31] ЭлиIазаран кIанта, динан дас Пайнехьаса, элира
Раабанан а, Гадин а, Маннашан а тайпанашка:
«Тахана вайна хии, Веза Эла вайна юкъахь вуйла,
хIунда аьлча аша Везачу Элана дуьхьал зулам ца
дина, хIинца Цуьнан таIзарх вайн халкъ
кIелхьардаьккхи аша».
[32] ЭлиIазаран кIант волу динан да Пайнехьас а,
халкъан куьйгалхой а Раабанан а, Гадин а
тайпанаш долчуьра, ГалIадера, КанаIан-махка,
исраилхошна жоп дахьаш, юхабаьхкира.

† *22:16 Карлабаьккхинарг 12:13, 14.* †† *22:17 Лелар 25:1-9.*

33 Исраилхой реза бара шайна хезначунна, Далла
хастам бира цара. Кхин ца дийцира цара, тIамца
дахана, Раабанан а, Гадин а тайпанаш тIехь Iаш
болу мохк бохор бу аьлла.
34 Шаьш бинчу кхерчан цIе Теш тиллира
Раабанан а, Гадин а тайпанаша, хIунда аьлча иза
Веза Эла церан Дела хиларан теш бара.

### ЮшаIан весет

23 Везачу Эло исраилхой гонах болчу мостагIех
кIелхьарбаьхначул тIаьхьа дукхха а хан
яьлча, ЮшаI, къан а велла, хене вирзинера.
2 Берриг а исраилхошка схьакхайкхира ЮшаIа:
къаношка а, тхьамданашка а, кхелахошка а,
куьйгалхошка а. Цо элира цаьрга: «Со хIинца, къан
а велла, хене а вирзина. 3 Шуна гина шайн Везачу
Дала цу халкъашна динарг, хIунда аьлча шун Веза
Дела Ша вара шун дуьхьа тIом беш. 4 Малхбалерчу
Йордан-хи тIера малхбузерчу Дуьненаюккъера
хIорда тIекхаччалц долу латта шун тайпанашна
дакъошкахь дIаделла ас. Вай хIинцале
хIаллакдинчу къаьмнийн а, хIаллакдаза дисинчу
къаьмнийн а латта ас дIаделла шуна. 5 Шун Везачу
Дала Ша, шуна хьалхара дIа а даьхна, дIалохкур ду
и къаьмнаш, церан латта шуна дIадалархьама, шун
Везачу Дала шуьга ма-аллара. 6 Цундела, леррина
лар а деш, кхочушде Мусан товрат-хьехамийн
тептар тIехь дерг дерриг а, цунна тIера цхьа гIулч
дIаса а ца довлуш. 7 Шайна юкъахь дисинчу
халкъех дIа ма э, церан деланашка а ма кхайкха, цу
деланийн цIарах чIагIонаш а ма е, царна гIуллакх
а, Iибадат а ма де. 8 Шайн Везачу Далла тешаме
хила, хIинццалц шаьш ма-хиллара. 9 Везачу Эло
шуна хьалхара сийлахь а, андий а къаьмнаш
дIалаьхкира. Таханлерчу дийне кхаччалц шуна
дуьхьало янъелла цхьа а вац. 10 †Шух цхьаммо эзар
стаг дIаэккхаво, хIунда аьлча шун Веза Дела Ша ву
шуьгахьа тIом беш, Ша шуьга ма-аллара.
11 Цундела, хьовсалаш, везалаш шайн Веза Дела.
12 Нагахь шу, юха а девлла, шайна юкъахь дисинчу
халкъех дIакхетахь, аша цаьрца гергарлонаш а
тийсахь, захалонаш леладахь, 13 хаалаш: шун
Везачу Дала дIалохкур дац и халкъаш шу долчуьра.
Ткъа уьш шуна гур а, ор а, пIендаршна тIе шед а,
бIаьргашна чу баI а хилла дIахIуьттур ду. Эххар а
шу тIепаза довр ду шун Везачу Дала шайна деллачу
исбаьхьчу кху латта тIера.
14 Массо а адам даха дезачу новкъа волуш ву со
хIинца. Шайн дагаца а, синца а шуна массарна а
хаьа, шун Везачу Дала шуна деллачу ваIданех
кхочуш ца хуьлуш цхьа а ца диснийла. Уьш дерриг
а кхочушхилла, цхьа а ца дуьсуш! 15 Амма, шун
Везачу Дала делла массо а ваIда кхочуш-ма-
хиллара, Шен кхерамаш а кхочушбийр бу Цо.
ТIаккха Ша деллачу исбаьхьчу латта тIера Цо
тIепаза дойур ду шу. 16 Нагахь шайн Везачу Дала
кхочушбе аьлла, шайна тIебиллина болу Цуьнца
бина барт а бохийна, кхечу деланашна аш Iибадат
дахь, Везачу Элан оьгIазалла юссур ю шуна тIе.
ТIаккха Везачу Эло шуна деллачу исбаьхьчу латта
тIера сихха дIадевр ду шу».

### Шехем-гIалахь ЮшаIа дина весет

24 Исраилхойн массо тайпанаш а, къаной а,
хьаькамаш а, кхелахой а, тIехьовсурш а
Шехем-гIалахь гулбира ЮшаIа. Уьш берриш а
Далла хьалха хIиттира. 2 ††Дерриг а халкъе ЮшаIа
элира: «Везачу Эло, исраилхойн Дала, иштта боху:
„Эпрат-хил дехьа дукха хенахь дуьйна Iийна шун
дай. ИбрахIиман а, Нахьиран а да ТIахьир а Iийна
цигахь. Цара кхечу деланашна Iамал йора. 3 ‡Амма
Ас шун да ИбрахIим, хил сехьа а ваьккхина, берриг
а КанаIан-махкахула чекхваьккхира. Цуьнан
тIаьхье а кхиийтира, цунна Исхьакх а велира,
4 ‡†Исхьакхана Якъуб а, Iесав а велира. Iесавана
СеIир-лам белира тIаьхьалонна. Якъуб а, цуьнан
кIентий а Мисар-махка дIабахара. 5 ‡‡Ас Муса а,
АхIарон а вахийтира Мисара. Мисархошна тIе
дукха цамгарш хийцира Ас. Цул тIаьхьа шу цигара
арадехира. 6 ‡‡†Шун дай, Мисар-махкара Ас
арабаьхча, Эрзийн хIорда тIе баьхкира. Цу хенахь
мисархой а шайн гIудалкхашца а, дошлошца а,
царна тIаьхьабевлла, Эрзийн хIорда тIе кхечира.
7 ТIаккха шун дай Везачу Эле маьхьарца кхайкхира.
Ас шуна а, мисархошна а юккъе бода баийтира.
Юха, царна тIе хIорд а хецна, уьш хIаллакбира.
Шун бIаьргашна гина Ас Мисарахь динарг.
Юха дукхха а хан яьккхира аша яьссачу арахь.
8 ‡‡‡Йордан-хил дехьа, малхбалехьа, Iаш болчу
эмархойн латта тIе далийра Ас шу. Эмархой шух
летча, Ас шун кара дIабелира уьш. Шуна церан
латта дисира. Ас хIаллакбира уьш шуна хьалха.
9 §Муабахойн паччахь, Ципуран кIант Балакх,
гIаьттира тIамца исраилхошна дуьхьал. Цо БеIаран
кIант БалиIам валавайтира, цуьнга шуна неIалт
кхайкхадайта. 10 Амма Суна ца лиира БалиIаме
ладогIа, тIаккха цо шу декъалдира. Иштта Ас
Балакхах кIелхьардехира шу. 11 §†Йордан-хих дехьа
а девлла, Ерихоне даьхкира шу. Ерихонан бахархой
шух летира. Уьш бара эмархой, перезахой,
канаIанхой, хьетахой, гIиргIашахой, хьаьвихой,
явсайхой. Амма Ас шун кара дIабелира уьш. 12 §††Ас
церан эскарш, дохийна, даржийра, шул хьалха
царна тIе бомозий дахийтича санна. Цара
эккхийра шу долчуьра эмархойн ши паччахь. Шун
таррашца а, Iедашца а дина дацара иза. 13 §‡Аш
тIехь къа ца хьегна латта делла Ас шуна, аш ца
йина гIаланаш елла, царна чохь Iаш ду шу хIинца.

† *23:10 а: Карлабаьккхинарг 32:30; б: Карлабаьккхинарг 3:22.*

†† *24:2 Доладалар 11:27.* ‡ *24:3 а: Доладалар 12:1-9; б: Доладалар 21:1-3.* ‡† *24:4 а: Доладалар 25:24-26; б: Доладалар 36:8; Карлабаьккхинарг 2:5; в: Доладалар 46:1-7.* ‡‡ *24:5 Арадаккхар 3:1–12:42.* ‡‡† *24:6, 7 Арадаккхар 14:1-31.* ‡‡‡ *24:8 Лелар 21:21-35.* § *24:9, 10 Лелар 22:1–24:25.* §† *24:11 а: Якъуба 3:14-17; б: Якъуба 6:1-21.* §†† *24:12 Арадаккхар 23:28; Карлабаьккхинарг 7:20.* §‡ *24:13 Карлабаьккхинарг 6:10, 11.*

Шаьш йийна йоцчу кемсийн а, *зайт-диттийн* а
бошмашкара стоьмаш боу аша“».
14 КхидIа ЮшаIа элира: «Везачу Элах кхера а
кхоьруш, цIена а, даггара а Цунна Iамал е. Эпрат-
хил дехьа а, Мисарахь а Iачу хенахь шайн дайша
Iамал йина деланаш дIа а тасий, Везачу Элана бен
Iамал ма е. 15 Нагахь санна Везачу Элана Iамал ян
шайна ца лаахь, тахана аш къасто деза, шаьш
хьанна гIуллакх дийр ду: Эпрат-хил дехьахь Iаш
болчу хенахь шайн дайша Iамал йинчу деланашна
я шаьш церан лаьтта тIехь Iаш долчу эмархойн
деланашна. Ткъа аса а, сан цIийно а Везачу Элана
Iамал йийр ю».
16 Халкъо жоп делира: «ХIан-хIа, оха Веза Эла дIа а
тесна, кхечу деланашна Iамал йийр яц! 17 Веза Эла
тхан Дела ву, Цо тхо а, тхан дай а Мисар-махкара,
лоллехь болчуьра, арабаьхна. Цо инзаре хIуманаш
кхочушдина тхан бIаьргашна хьалха, схьадогIучу
новкъахь тхо Iалаш а дина, царна юккъехула
чекхдовлучу хенахь, массо а халкъах лар а дина.
18 Дерриг а халкъаш, шайна юкъахь кху лаьтта
тIехь Iийна эмархой а болуш, тхо долчуьра
дIалаьхкина Везачу Эло. Цундела оха Iамал йийр ю
Цунна, хIунда аьлча Иза тхан Дела ву».
19 ЮшаIа элира халкъе: «Везачу Элана Iамал ялур
яц шуьга, хIунда аьлча Иза Веза Эла ву, Цо
могуьйтур дац шуна низамехь цахилар а, къинош
летор а. 20 Нагахь Веза Эла дIа а тесна, хийрачу
деланашна аш Iамал яхь, шуна дуьхьал а ваьлла,
Цо таIзар дийр ду шуна. Хьалха шуьца дика
хиллехь а, Цо хIаллакдийр ду шу».
21 Халкъо ЮшаIе элира: «ХIан-хIа, оха Везачу
Элана Iамал йийр ю».
22 ЮшаIа элира нахе: «Шу массо а теш ву, Веза Эла
Цунна Iамал ян шайна хаьржина хиларх».
Цара элира: «Ву! Тхох массо а теш ву!»
23 «Делахь, шайн хIинца болу хийра деланаш дIа а
тасий, шайн дегнаш Везачу Элана, исраилхойн
Далла, тIедерзаде», – элира ЮшаIа.
24 Халкъо элира ЮшаIе: «Тхайн Везачу Далла
Iамал а йийр ю, Цуьнга ла а дугIур ду оха». 25 Цу
дийнахь Шехемехь халкъаца барт а бина, дан
дезарг цунна тIедиллира ЮшаIа. 26 Дала
тIедиллинарг яздинчу тептар тIе и дерриг а
дIаяздира ЮшаIа. Юха боккха тIулг, схьа а эцна,
Везачу Элан цIенна уллохь лаьттачу ножана кIел
охьабиллира цо. 27 Дерриг а халкъе ЮшаIа элира:
«ХIара тIулг вайн теш хир бу. Везачу Эло вайга
аьлла дерриг а дешнаш кхунна хезна. Шуна
дуьхьал а теш хуьлда и тIулг, шайн Далла хьалха
шуьга харцдерг ца дийцийта». 28 Юха халкъ
дIадахийтира ЮшаIа. Массо а шен-шен цIа, шен
декъа тIе, дIавахара.

### ЮшаI а, ЭлиIазар а кхалхар

29 Цул тIаьхьа Везачу Элан ялхо, Нунин кIант
ЮшаI, кхелхира. Цуьнан бIе итт шо дара. 30 Шен
лаьттан декъа тIехь, ГаIаш-ломана къилбаседехьа
болчу Эпрайман лам тIехь лаьттачу Тамнат-Серахь
цIе йолчу гIалахь, дIавоьллира иза.
31 Исраилан халкъо ЮшаI дийна волчу хенахь
Везачу Элана Iамал йора. ЮшаI кхелхича, цул
тIаьхьа бисина, Везачу Эло исраилхошна дина дика
гIуллакхаш гина болу къаной болчу хенахь а йора
цара Везачу Элана Iамал.
32 †Шехемехь дIайоьхкира исраилхоша Мисар-
махкара схьаеана Юсупан даьIахкаш. Уьш
дIайоьхкина аре Шехеман да волчу Хьамуран
кIенташкара Якъуба эцна яра, бIе дато ахча а
делла. Юсупан кIенташна кхаьчна дара и лаьттан
дакъа.
33 АхIаронан кIант ЭлиIазар а кхелхира. Цуьнан
кIантана Пайнехьасана Эпраман лам тIехь беллачу
гу тIехь дIавоьллира иза.

---

† *24:32 Доладалар 33:19; 50:24, 25; Арадаккхар 13:19; Яхьъя 4:5; Векалийн 7:16.*

# Куьйгалхой

### Дешхьалхе

цIе йолу тептар Исраилан халкъан историх долчу дийцарех дуьзна ду. Исраил-махкахь Iедал доцуш хиллачу заманах лаьцна ду и дийцарш: халкъ КанаIан-махкана чудогIучу хенахь дуьйна, пачхьалкх дIахIутту хан тIекхаччалц. «Мехкан куьйгалхой» цIе йолчу турпалхойх лаьцна ду и дийцарш. Дукха хьолахь тIеман хьаькамаш бара и мехкан куьйгалхой. Уггар гIарабевллачарах цхьаъ Шамшон вара. Цуьнан гIуллакхаш дIаяздина ду 13-чу коьрта тIера дуьйна, 16-чу коьртана тIекхаччалц.
Цу тептаран коьрта хьехам иштта бу: Исраилан халкъан кIелхьардалар Далла тешаме хиларца доьзна ду. Ткъа массо а хенахь тешам боцуш хиларо бохамна тIедугIу иза. Цул сов, кхин цхьа хьехам а бу цу тептар тIехь: халкъ Далла тешаме а ца хилла, бохам баьлча, Дела даим кийча хилла Шен халкъ кIелхьардаккха, иза, дохко а даьлла, Шена тIе юхадирзича.

### ЯхIуда канаIанхошца тIом бо

1 ЮшаI кху дуьнен чуьра дIаваьллачул тIаьхьа,
Исраилан халкъо Везачу Эле хаттар дира:
«Тхуна хьалхаваьлла мила ваха веза канаIанхошца
тIом бан?» – аьлла.
2 Везачу Эло царна жоп делира: «ЯхIудан
тайпанах берш гIур бу. Аса хIара мохк церан кара
дIабелла».
3 Шайн вежарий болчу ШимIин тайпане гIо
дийхира ЯхIудан тайпано: «Тхан вежарий! Кхаж
баларна, вайна хIоранна а латтанаш билгалдаьхна
ду. Аша тхуна и латтанаш схьадахаха а, цу тIехь Iаш
болчу канаIанхошца тIом бан а гIо дахь, оха а шуна
гIо дийр ду шун латтанаш схьадахаха». Иштта
ШимIин тайпа а, 4 ЯхIудан тайпа а цхьаьна тIамца
тIедахара цига. Везачу Эло царна гIо дира
канаIанхой а, перезахой а эшо. Безакх олучу
гIалахь итт эзар стаг вийра цара. 5 Безакхехь дуьхь-
дуьхьал кхийтира уьш Адани-Безакхца, цигахь
канаIанхой а, перезахой а эшийра цара. 6 Адани-
Безакх ведда кIелхьарвала гIоьртира, амма кхара,
цунна тIаьхьа а бевдда, иза схьа а лаьцна, цуьнан
куьйгийн а, когийн а нана-пIелгаш дехира. 7 Адани-
Безакха элира: «Аса кхузткъе итт паччахьан
куьйган а, когийн а нана-пIелгаш дIахедийна, цара
сан шуьнна гонахара цуьргаш лехьийна. ХIинца
Дала соьца а и гIиллакх хIоттийна». Адани-Безакх
Ярушалайме дIавигна, циггахь цуьнан кхалхар а
хилла.

### ЯхIуд-тайпано Ярушалайм а, Хьеврон а эшайо

8 ЯхIудан тIаьхьено Ярушалайм-гIалина дуьхьал
тIом бира, иза схьа а яькхира. Шайн таррашца
цара адамаш дайира, ткъа гIала ягийра. 9 Цул
тIаьхьа уьш лаьмнашкахь а, НегIаб олучу яьссачу
арахь а, малхбузехьа болчу гунаш тIехь а бехаш
болчу канаIанхошца тIом бан бахара. 10 ЯхIудан
тIаьхье Хьевронехь Iаш болчу канаIанхошца тIом
бан яхара (хьалха Хьеврон-гIалин цIе Кхиръят-
АрбаI хилла). Цигахь цо Шешай а, Ахьиман а,
Талмай а эшийра.

### Дибар-гIала эшор

(ЮшаI 15:13-19)

11 Цигара бевлча, яхIудхой Дибар-гIалин
бахархошна тIелата бахара (Дибар-гIалин цIе
хьалха Кхиръят-Сапар хилла). 12 Килаба элира:
«Кхиръят-Сапар эша а йина, иза
караерзийначуьнга сайн йоI Iахисат маре дIалур ю
аса». 13 Килабан вешин Кхеназан кIанта Iотниала и
гIала схьаяьКкхира. ТIаккха Килаба цуьнга шен йоI
Iахисат маре дIаелира. 14 Iотниал волчу а яхана, иза
тешийра цо, шен дега Килабе латта деха деза
аьлла †. Шен йоI вир тIера охьайоьссича, Килаба
цуьнга хаьттира: «Хьуна хIун оьшу?»
15 Iахисата цуьнга элира: «Декъалъе со. Яьсса
НегIаб-аре ахьа суна елла, хIинца цхьадолу хин
хьостанаш а ло суна». Килаба цуьнан дехар
кхочушдира: лакхара а, лахара а хин хьостанаш
дIаделира цо цунна.

### Кхиболу тIемаш

16 Мусан стунда волчу кхенахочун Итаран тIаьхье,
яхIудхошца хурма-диттийн гIалара †† дIа а яхана,
ЯхIуд-мехкан яьссачу аренга цигахь бехаш болчу

† *Iотниал волчу а яхана, иза тешийра цо, шен дега Килабе латта деха деза аьлла *– Грекийн гочдар тIехь: *Iотниал волчу*

нахана юкъахь Iен дIаяхара. И меттиг яра Iарод-
гIалина генахь йоццуш. 17 ЯхIудхой шимIахошца
цхьаьна Цепат-гIалахь бехаш болчу канаIанхошна
тIелетира, ерриг гIала йоха а еш. Цундела тиллина
цу гIалин цIе Хьорма аьлла (иза «йохар» бохург ду).
18 ЯхIудхоша иштта Iази-гIала а, Ашкхилун а,
Iекхран а царна гонах долчу латтанашца цхьаьна
схьаехира. 19 Веза Эла ЯхIуд-тайпанехьа вара,
цундела цуьнга лаьмнаш а схьадахаделира, амма
шерачу аренгахь болу бахархой цуьнга къар ца
лора, хIунда аьлча цаьргахь аьчка гIудалкхаш яра.
20 Мусас ма-аллара, Килабе Хьеврон дIаелира, ткъа
цо Iаьнакхан кхо кIант цигара лаьллина
дIавахийтира. 21 †Амма бен-яманхошка
Ярушалаймера явсайхой дIа ца лахкабелира. Уьш
хIинца а Ярушалаймехь Бен-Яманан тIаьхьенна
юкъахь бехаш бу.

### Юсупан тIаьхьено Бетал-гIала эшор

22 Юсупан тIаьхье Бетал-гIалина тIелетира. Веза
Эла цаьрца вара. 23 Юсупан тIаьхьено нах
бахийтира, Бетал-гIалина таллам бе аьлла (хьалха
цу гIалин цIе Луз хилла). 24 Тергам беш болчарна, цу
гIалара ара а ваьлла, схьавогIуш цхьа стаг гира.
Цара цуьнга элира: «ГIалина чувоьдуш йолу меттиг
схьагайта тхуна. Оха цхьана а тайпана бохам бийр
бац хьуна». 25 Цо царна гIалина чу муха ваха веза
гайтира. Юсупан тIаьхьенах болчара цу гIалара
бахархой, шайн тарраш детташ, байира. Ткъа и
стаг а, цуьнан доьзал а маьрша дIабахийтира.
26 Иза, хьетахойн латта долчу дIа а вахана, ваха
хиира. Цо кхоьллина ю Луз цIе йолу гIала. И цIе
хIинца а йоккхуш ю.

### Махкара ара ца дахаделла къаьмнаш

27 Цхьаболу канаIанхой Байт-Шан, ТаIнак, Дор,
ИбалIам, МагIидда олучу гIаланашкахь Iаш бара.
Маннашан тIаьхьенах болчаьрга уьш цигара ара
ца бахабелира. КанаIанхой цигахь баха бисира.
28 Исраилан халкъ, са чу а деана, дIахIоьттича, цара
канаIанхошка шайна белхаш байтира. Цара уьш
дIа а ца лаьхкира.
29 Эпрайман тайпанан а ницкъ ца кхечира
ГIазарахь бехаш болу канаIанхой цу лаьтта тIера
дIабаха. Эпрайман тIаьхьенца цхьаьна уьш цигахь
баха бисира.
30 Забулан нехан а ницкъ ца кхечира Кхитрунахь
а, НахIлалахь а Iаш болу канаIанхой дIабахийта.
Шайн латтанаш тIера дIа а ца бахабелла, Забулан
тIаьхье йолчохь бехаш бара уьш, шаьш, кхузахь
болх бе аьлла, дIахIиттийнехь а.
31 Ашарарчу халкъо а дIа ца лаьхкира Iакхора а,
ЦIаданера а, Ахьалабара а, Ахзибара а, Хьелбара а,
Апикхара а, Рахьубара а бахархой. 32 Ашаран
некъийн цу махкара болчу канаIанхошца бехаш Iаш
бара, хIунда аьлча уьш цаьрга цигара дIа ца
лахкабелира.
33 Напталан наха а ца лаьхкира дIа Байт-
Шамашера а, Байт-Iанатара а бахархой. Уьш царна
юкъахь баха хевшира, цаьрга шайна хьалхара
болх а бойтуш.
34 Эмархоша Данан тайпанан нах лаьмнашка баха
ховшийтира. Цара уьш шерачу аренга охьабовла
ца буьтура. 35 Эмархоша сацам бира Хьерас-лам тIе
баха ховша – Айлонехь а, ШаIалбанахь а. Амма
тIаьхьо Юсупан тIаьхье чIагIъелла дIахIоьттича,
цара эмархошка а шайна болх бойтура.
36 Эмархойн лаьттан доза Акхрабайм цIе йолчу
ламанан Iинна тIера СилаIана тIекхаччалц Iуьллуш
дара.

### Везачу Элан Малик Бухимехь

2 Галгалара Бухиме а деана, Везачу Элан
Малико элира: «Мисар-махкара ара а даьхна,
Айса шун дайшна *ваIда* динчу лаьтта тIе
схьадалийна Аса шу. Цу хенахь Аса элира: „Айса
шуьца бина болу барт Аса цкъа а бохор бац. 2 ††Ткъа
шун а, кху лаьтта тIехь Iаш болчу нахаца барт а
хилла, Iан йиш яц. Аша церан сагIа доккхуш йолу
меттигаш хIаллакьян еза“. Амма аша Сан
дешнашка ла ца дуьйгIира. ХIунда дина аша иза?
3 Ткъа хIинца Аса шуьга боху: „Аса и нах шун лаьтта
тIера дIалохкур бац. Уьш шуна мостагIий хилла
дIахIуьттур бу, ткъа церан харцделанаш шуна гур
хилла дIахIуьттур бу“». 4 Везачу Элан Малико шайга
аьлла долу дешнаш дIахезча, Исраилан халкъ
доьлхуш дIахIоьттира. 5 Цундела ю цу меттиган цIе
Бухим (иза «доьлхурш» бохург ду). Цигахь цара
Везачу Элана сагIанаш дехира.

### ЮшаI кхелхинчул тIаьхьа хилларг

6 ЮшаIа исраилхой дIасабахийтира. ХIора
исраилхо шен-шен доьзалан латта доладаккха
дIавахара. 7 ЮшаI дийна мел ву, Везачу Элана
гIуллакх деш схьадеара Исраилан халкъ. ЮшаI
кхелхинчул тIаьхьа а, Везачу Эло Исраилан
халкъан дуьхьа динарг гина болу къаной коьртехь
болчу хенахь а Цунна гIуллакх деш схьабаьхкира
уьш. 8 Везачу Элан лай волу Нунин кIант ЮшаI
дIакхелхира шен бIе итт шо долчу хенахь.
9 Исраилан халкъо иза шен лаьтта тIехь Тамнат-
Хьарасехь дIавоьллира. Иза яра Эпрайман
лаьмнаш долчохь болчу ГаIаш-ломана
къилбаседехьара йолу меттиг. 10 И массо а тIаьхье
дIаяьлча, царах схьабевлла нах тIекхиира. Царна
Веза Эла а ца вевзара я Исраилан халкъана Цо
дина долу гIуллакх а ца хаьара.

*яхача, иза шен дега Килабе латта деха деза аьлла, тешийра цо.* †† *Хурма-диттийн гIала *– иза Ерихон-гIала ю.* † *1:21 Дауд 5:6; 1 Шерашкахь 11:4.*

†† *2:2 Арадаккхар 34:12, 13; Карлабаькkхинарг 7:2-5.*

### Исраилан халкъ Везачу Элана Iибадат дечуьра сацар

11 ТIаккха Везачу Элана зуламе хеташ долу
хIуманаш шайгара дуьйлуьйтура исраилхоша,
БаIал-деланашна Iамал а еш. 12 Исраилан халкъо
Везачу Элана, шайн дай Мисар-махкара
арабаьхначу Далла, букъ берзийра. Уьш шайна
гонах долчу халкъийн харцделанашна гIуллакх дан
буьйлабелира. Цара Веза Эла шайна чIогIа
оьгIазвахийтира. 13 Исраилан халкъ, Везачу Элана
тIаьхьара дIа а даьлла, БаIал а, *Iаштарт* а цIераш
йолчу харцделанашна тIаьхьахIиттира. 14 Веза Эла
Исраилан халкъана чIогIа оьгIазвахана вара.
Цундела Цо уьш талорхойн кара дIабелира, церан
мостагIашка уьш эша а байтира. Цундела Исраилан
халкъ мостагIашна дуьхьал ца латтаделира.
15 Исраилан халкъо миччахь тIом бича а, иза эшна
хуьлура, хIунда аьлча, Ша ма-аллара, Веза Эла
царна дуьхьал вара. Цундела Исраилан халкъ
чIогIа балехь дара.
16 Везачу Эло царна мехкан куьйгалхой хоржура.
Цара уьш талораш деш лелаш болчарах ларбора.
17 Амма халкъо цаьрга а ла ца дугIура. Кхечу
деланашна тIе а дирзина, царна корта а бетташ,
лелара Исраилан халкъ. Шайн дайша Везачу Эло
бохург а деш, цара дIакхехьначу некъа тIера сихха
дIадаьллера адам. 18 Юх-юха а Везачу Эло царна
мехкан куьйгалхо воуьйтура. Иза Ша вара цу
куьйгалхошца, цаьргахула халкъ кIелхьара а
доккхура Везачу Эло. Царна ницкъ беш, церан
узарш хазарна, къинхетам бора Везачу Эло царах.
19 Амма мехкан куьйгалхо кхелхина воллушехь,
халкъ юха а шайн дайша чул а чIогIа къинош лето
долалора, харцделанашна корта а бетташ.
Исраилан халкъ, чIогIа юхахьадаьлла, шаьш
дIахьош болчу харцнекъана тIера дала лууш
дацара. 20 Веза Эла чIогIа оьгIазвахара Исраилан
халкъана. Цо элира: «И халкъ, Аса шайн дайшца
бина болу барт бохош, схьадогIуш ду, цо Соьга ла
ца дугIу. 21 ЮшаI веллачул тIаьхьа цо кхузахь
тIаьхьадитина кхидолу къаьмнаш хIинцачул
тIаьхьа дIакъехкор дац Ас, исраилхошна некъ
боккхуш. 22 Исраилан халкъ зерхьама, Аса и
къаьмнаш шаьш долчохь дуьтур ду. Со хьожур ву
Везачу Эло шайна гайтинчу некъа тIехула дIадаха
и къам доьналла долуш дуйла, шайн дай ма-
хиллара». 23 Везачу Эло и къаьмнаш шаьш долчохь
дитира, дIа ца лохкуш, ЮшаIан кара а ца
дахийтира.

### Льатта тIехь дисина къаьмнаш

3 Цхьадолу къаьмнаш цу льатта тIехь а дитина,
цкъа а канаIанхойн махкахь тIом база болу
исраилхой зен лууш хилла Веза Эла. 2 Цо иштта
динера, Исраилан халкъан тIаьхьенах тIом база
болчарна тIеман гIуллакх карадерзийтархьама.
3 Везачу Эло цу льатта тIехь дитинчу къаьмнийн
цIераш хIорш ю: пIелаштамхойн пхеа гIалин волу
пхи куьйгалхо а, массо а канаIанхой а, цIаданхой а,
Ливанун-лаьмнашкахь БаIал-Хьермон-лам
болчуьра дуьйна Хьаматан лаьмнийн
дехьадовларан меттигна тIекхаччалц бехаш болу
хьаьвихой а. 4 И къаьмнаш дитина хилла
цаьргахула исраилхой зерхьама, цара Везачу Эло
Мусагахула шайна тIедиллинарг кхочушдойла
хьожуш. 5 Иштта исраилхой бехаш Iаш хилла
канаIанхошний, хьетахошний, эмархошний,
перезахошний, хьаьвихошний, явсайхошний
юкъахь. 6 Церан зудабераш шайна маре а далош,
шайн зудабераш церан кIенташка маре дIа а
дохуьйтуш, церан деланашна гIуллакх а деш, Iаш
хилла уьш.

### Мехкан хьалхара куьйгалхо волу Iотниал

7 Везачу Элана зуламе хеташ долу хIуманаш
шайгара дуьйлуьйтура исраилхоша. Шайн Веза
Дела виц а вина, БаIал а, *Iаштарт* а цIераш йолчу
харцделанашна Iибадат дора цара. 8 Веза Эла
оьгIазвахара Исраилан халкъана. Цундела Цо иза
Арам-махкарчу паччахьан Кушан-Рашхьатайман
кара дIаделира. БархI шарахь Iийра Исраилан
халкъ Кушан-Рашхьатайман куьйга кIелахь.
9 ТIаккха Исраилан халкъ Везачу Эле орца дохуш
дIахIоьттира. Цундела Везачу Эло Килабан жимах
волчу вешин Кхеназан кIант Iотниал вахийтира
цига. Цо исраилхой кIелхьара а бехира. 10 Везачу
Элан Са охьадоьссинера Iотниалана тIе, иза
Исраилан мехкан куьйгалхо хилла дIахIоьттира.
Иза тIом бан аравелира. Ткъа Везачу Эло цуьнан
кара Араман † паччахь волу Кушан-Рашхьатайман
дIавелира, цундела Iотниала цунна тIехь толам а
баьккхира. 11 Шовзткъа шарахь машар лаьттира цу
лаьтта тIехь. Цул тIаьхьа Кхеназан кIант Iотниал
кхелхира.

### Мехкан куьйгалхо волу АхIуд

12 Исраилхой юха а Везачу Элана зуламе хеташ
долу гIуллакхаш лело буьйлабелира. Цундела
Везачу Эло муабахойн паччахь волчу IегIлонна ††
Исраилан халкъана дуьхьалхIотта ницкъ белира.
13 Цо, Iамалекхахой а, Iамминхой а ша волчу схьа а
гулбина, цаьрца цхьаьна исраилхой эшийра,
хурма-диттийн гIала кара а ерзош. 14 Муабахойн
паччахь волчу IегIлонан куьйга кIелахь хилира
исраилхой берхIитта шарахь.
15 Халкъо юха а Везачу Эле, мохь бетташ, орца
дехира. Ткъа Везачу Эло Бен-Яманан тайпанах
волчу Герин кIант АхIуд вахийтира Исраилан халкъ
кIелхьардаккха. Иза ша *гезолг* вара. Исраилан
халкъо АхIуд вахийтира муабахойн паччахь волчу
IегIлонна совгIаташ эцна. 16 Цо шена, цхьа дол еха

† *Арам-мохк – иза хIинцалерачу Сири-мехкан цхьа дакъа хилла.* †† *IегIлон – и цIе «берстина етт» бохург ду.*

а йолуш, шинна а агIор ира а йолуш, шаьлта
кечйинера. И шаьлта цо шен бедаршна бухахь
аьтту хаьн тIехь дIайихкинера. 17 АхIуд, совгIаташ а
эцна, муабахойн паччахь волчу вахара. IегIлон ша
чIогIа зоьртала стаг вара. 18 СовгIаташ дIаделлачул
тIаьхьа, АхIуда уьш схьадахьаш шеца баьхкина
болу нах дIабахийтира. 19 Галгалахь лаьтташ болчу
тIулган цIушна уллохула дIавоьдуш волчуьра юха а
вирзина, цо паччахье элира: «Паччахь, сан хьоьга
къайлаха ала дезаш хIума ду».
«ЛадогIалаш! ДIате!» – элира паччахьо. Цунна
гIуллакх деш болу массо а нах арабевлира.
20 АхIуд паччахь волчу чувахара. IегIлон шийлачу
лакхарчу цIа чохь Iаш вара. АхIуда цуьнга элира:
«Делера дош ду сан хьоьга дIаала дезаш». Паччахь
шен гIанта тIера хьалагIаьттира. 21 АхIуда аьтту
хаьн тIехь кхозуш йолу шаьлта, аьрру куьйгаца
схьа а яькккхина, паччахьан гайх чекхъякккхира.
22 Шаьлта, ираллина тIаьххье мукъ а хьуллуш,
кIорга чуяхнера. Паччахьан гай чохь йолчу
махьарша шаьлтанан мукъ къайлабаькккхинера.
Цундела АхIуда шаьлта ша йолччохь йитира. Чов
йинчу меттехула чуьйраш араевлира. 23 АхIуд
ученехула аравелира, шена тIаьхьара лакхарчу
чоьнан неIарш дIа а къовлуш. 24 Иза араваьллачул
тIаьхьа, IегIлонан ялхой схьабаьхкира. НеI
дIакъевлина шайна гича, цара элира: «Шен
гIуллакх дан сецна хир ву иза шийлачу цIа чохь».
25 Ялхой собардеш дуккха а Iийра, амма лакхарчу
цIийнан неI цхьаммо а схьа ца йиллира. ДогIа схьа
а эцна, неI схьайиллира цара. Лаьттахь велла
Iуьллуш волу шайн олахо гира царна.
26 Ялхой паччахь араваларе хьоьжуш лаьттинчу
юкъана АхIуд къайлавелира. ЦIушна уллохула тIех
а ваьлла, иза СаIирахь кIелхьарвелира. 27 Цига схьа
а веана, Эпрайман лаьмнашкахь коьман маIа
лекхира АхIуда. Цу маIан аз шайна хезча, Исраилан
халкъ схьагулделира. АхIуд хьалхаваьлла а волуш,
уьш лаьмнаш тIера охьабиссира. 28 АхIуда цаьрга
элира: «Суна тIаьхьахIитта! Везачу Эло шун
мостагIий болу муабахой эшо ницкъ белла шуна».
Халкъ АхIудана тIаьхьахIоьттира. Цуьнца цхьаьна
цара Йордан-хи тIехула муабахойн махка
дехьаволийла схьалецира, цхьа а стаг дехьа а ца
волуьйтуш. 29 Цара итт эзар нуьцкъала, тоьллачу
дегIахь волу муабахо вийра, цхьа а кIелхьара ца
волуьйтуш. 30 Иштта цу дийнахь исраилхоша шайн
караберзийра муабахой. Дезткъа шарахь машар
лаьттира цу лаьтта тIехь.

### Мехкан куьйгалхо волу Шамгар

31 Цул тIаьхьа кхин а цхьана стага
кIелхьардаьккхира Исраилан халкъ. Иза вара
Iанатин кIант Шамгар. Цо стерчашна тухуш йолчу
гIожаца ялх бIе пIелаштамхо вийра.

### Мехкан куьйгалхо йолу Дебира

4 АхIуд веллачул тIаьхьа а исраилхой юха а
Везачу Элана зуламе хеташ долу гIуллакхаш
лело буьйлабелира. 2 ТIаккха Везачу Эло
канаIанхойн паччахьна Ябинна кара схьаделира
Исраилан халкъ. Ябин Хьацорахь паччахьалла деш
вара. Цуьнан тIеман куьйгалхо вара Хьаршат-
Гойимахь вехаш волу Сисра. 3 Сисрин эчигах йина
исс бIе гIудалкх яра. Цо ткъа шарахь чIогIа
хьийзийра Исраилан халкъ. Цундела исраилхой
юха а Везачу Эле, мохь бетташ, орца даха
буьйлабелира.
4 Цу заманчохь Исраилан мехкан куьйгалхо яра
шеца пайхамаралла долуш йолу Дебира. Иза
Лапдатин зуда яра. 5 Иза Дебирин хурмин диттана
кIелахь охьахуура. И дитт Раминий, Бетал-гIалиний
юккъехь, Эпрайман лаьмнашкахь лаьтташ дара.
Дебира йолчу исраилхой богIура цуьнга шайна
юкъахь кхел яйта. 6 Дебирас, Наптал-махкарчу
Кхедашара Аби-НуIаман кIант Баракх ша йолчу
схьа а кхайкхина, цуьнга элира: «Исраилан халкъан
Везачу Дала хьуна тIедуьллу: „Ваха а гIой,
Напталинний, Забуланний тIаьхьенах волу итт эзар
стаг вовшах а тохий, уьш Табур-лам тIе дIабига.
7 Ткъа Аса Къишун-хи йисте Ябинан эскаран
куьйгалхо волу Сисра а, цуьнан гIудалкхаш а, эскар
а, цига дIа а далийна, хьан кара дIалур ду“».
8 Баракха Дебирига элира: «Хьо соьца ягIахь, со
цига гIур ву, ца ягIахь, гIур вац».
9 Дебирас цуьнга элира: «Со-м йогIур ю хьоьца,
амма хаалахь: Сисра эшийначул тIаьхьа халкъо
сий деш верг хьо хир вац хьуна. Везачу Эло
зудчуьнга эшавойтур ву Сисра». Дебира Баракхца
Кхедаш-гIала дIаяхара. 10 Баракха Забулан а,
Напталан а тIаьхьенах болу нах Кхедаше
схьакхайкхира. Итт эзар стаг тIаьхьахIоьттира
цунна. Дебира а яхара цуьнца.
11 Цигахь, Хьебар цIе а йолуш, кхенахойх волу
цхьа стаг вара. Иза шен халкъах дIакъаьстинера.
(Кхенахой Муса-пайхамаран стунваша волчу
Хьабабан тIаьхьенах бу). Хьабаба шен четар
Кхедашана уллохь йолчу ЦаIнаним цIе йолчу
меттехь ножан хьунна уллохь дIахIоттийнера.
12 Сисрина хиира, Аби-НуIаман кIант Баракх Табур
цIе йолчу лам тIе ваьллийла. 13 Шен эчигах йина
йолу исс бIе гIудалкх схьа а ялийна, шен халкъ а
схьа а кхайкхина, уьш Хьаршат-Гойимара Къишун-
хи долчу дIахьажийра цо.
14 Дебирас Баракхе элира: «Тахана Везачу Эло
Сисра эшо ницкъ лур бу хьуна. Вало, Веза Эла
хьуна хьалхаваьлла хир ву». Баракх, шеца итт эзар
стаг а волуш, Табур-лам тIера охьавоьссира.
15 Баракха туьраца беш болчу тIамехь Сисра а,
цуьнан гIудалкхаш тIехь болу нах а бохийна
хьовзийра Везачу Эло. Царна ца хаьара, шаьш хIун
дан деза. Ткъа Сисра, гIудалкха тIера охьа а
воьссина, гIаш ведда дIавахара. 16 Сисрин

гІудалкхашна а, эскарна а тІаьхьавелира Баракх. Цара уьш Хьаршат-Гойиме кхаччалц, лаьхкина, дІабигира, дийна цхьа а стаг ца вуьтуш.
17 Сисра Хьебаран зудчун ЯІалан четар долчу
ведда схьавеара. Хьебар ша кхенахо вара, ткъа цуьнан цІа хьацорхойн Ябин-паччахьца бертахь
Іаш дара. 18 ЯІал Сисрина дуьхьал араелира. Цо
цуьнга элира: «Чувола со йолчу, сан эла. Кхера а ца кхоьруш, чоьхьавала». Сисра цуьнан четар чу велира. ЯІала цунна тІе шаршу тесира. 19 Сисрас
цуьнга элира: «Со чІогІа хьагвелла. Суна жимма хи лохьа». ЯІала, шура чохь йолу *пІаьлдиг* схьа а баьстина, цуьнга шура а малийтина, цунна юха а
тІе хІума тесира. 20 Сисрас ЯІале элира: «Четарна
чувогІийла долчу дІа а хІоттий, цхьаммо хьайга: „Кхузахь цхьа а стаг вуй?“ – аьлла, хаттар дахь, „Вац“ – алий, жоп лолахь».
21 ЧІогІа кІадвелла волчу Сисрина наб кхийтира.
ЯІал, четар чІагІдеш тухуш йолу дечиган хьостам а, *варзап* а схьа а эцна, меллаша цунна тІе яхара. Сисра лаьттах дІа а тухуш, лергъагІонна тІе варзап а тоьхна, дечиган хьостам чекхбаьккхира цо. Иза
велира. 22 Сисра лоьхуш лелаш волу Баракх ЯІалан
четарна тІе кхечира. Цунна дуьхьал ара а яьлла, ЯІала элира: «Чувола, аса гойтур ву хьуна ахьа лоьхуш верг». Баракх чоьхьаваьлча, цунна гира, лергъагІонах боллуш хьокха а болуш, велла Іуьллуш волу Сисра.
23 Цу дийнахь Везачу Эло Исраилан халкъана
хьалхахь эшийра канаІанхойн паччахь волу Ябин.
24 Исраилан халкъ де дийне мел дели а ницкъ
алсамболуш лаьтташ дара, цара Ябин хІаллаквина дІаваккхалц.

### Дебирин назма

5 Сисра вийначу дийнахь Дебирассий, Аби-НуІаман кІанта Баракхий хІара назма элира:
2 «Исраилхойн баьччанаш хьалхабевлла
арабовларна а,
халкъ лараме хьалагІаттарна а,
хаставе Веза Эла!
3 ЛадогІалаш, паччахьаш!
Тергаме хилалаш, хьалдолу нах!
Хьуна дІаолу аса хІара назма, ва Веза Эла.
Исраилан халкъан Везачу Далла хастам а бо ас.
4 Веза Эла, Хьо, СеІирера ара а ваьлла,
Эдоман аренгахула схьавогІучу хенахь,
латта дегош дара,
стигалш тІадамаш ледош яра,
мархаш догІа Іенош яра.
5 †Лаьмнаш дегош дара Везачу Элана хьалхахь,
ур-атталла хІара Синай-лам а бегабора
Исраилан халкъан Везачу Далла хьалха.
6 Іанатин кІант Шамгар паччахьалла деш волчу
хенахь а,
ЯІалан заманашкахь а
некъахой шайн эмкалийн ковранашца юьстахчу некъашкахула лелара,
ткъа некъаш даьсса дара.
7 Исраилан махкахь йолчу ярташкахь кхин ца
Іийра,
со, Дебира, гІатталц, ца Іийра цигахь нах,
Исраилан халкъан нана со хилла дІахІотталц.
8 Уьш керлачу деланашна тІаьхьахІиттича,
гІалин кевнна улло тІом беана схьакхечира.
Шовзткъа эзар стаг шена юкъахь а волуш долчу Исраилан эскарехь
я *турс* а, я *гоьмукъ* а ца карийра.
9 Исраилан мехкан куьйгалхой, сан дог шуьца ду.
Шен даго ма-хьоьхху, халкъана юкъара хьалагІевттинчаьрца ду.
Хастам хуьлийла Везачу Элана!
10 КІайн варраш тІехь дІадоьлхурш а,
нуьйра тІехь хиъна Іийраш а,
гІаш дІадоьлхурш а,
ойла елаш Везачу Эло диначун!
11 Руьйтанахь бежанаш схьагуллучохь хезаш ду
адамийн аьзнаш.
Цигахь Везачу Элан нийсачу толамашна хастам беш бу,
Исраилан махкара Цуьнан халкъо баьккхинчу толамашна:
Хьала а гІаьттина, Везачу Элан халкъ гІалин кевнашна тІедахара.
12 ХьалагІатта, Дебира, хьалагІатта!
Хьайн назма дІаала!
ХьалагІатта, Аби-НуІаман кІант Баракх,
шайна йийсар динарш схьалеца!
13 ТІаккха халкъ Сарид-юьрта охьадоьссира,
куьйгалхошна дуьхьал.
Везачу Элан халкъ соьца цхьаьна майрачарна дуьхьалделира.
14 Іамалекхахь орамаш хилларш Эпрайм-махкара
схьабогІура,
ва Бен-Яманан тайпа, хьоьца болу нах хьуна тІаьхьа хІиттина.
Макир волчуьра схьабогІура куьйгалхой,
Забулан тІаьхьенан хьаькамаш а схьабаьхкина.
15 Иссарханан элий а Дебирица бара,
Иссарханан тайпа иштта Баракхца дара.
Цунна тІаьхьа тогІи чу араделира иза.
Раабанан тайпанна юкъахь
доккха дар-дацар дара лаьтташ.
16 ХІунда Іа хьо гІотанашна юкъахь хиъна,
бажа Іоьхуш ла а доьгІуш?
Раабанан тІаьхьенна юккъе
даккхий дар-дацарш ма деана.
17 ГалІадара халкъ Йордан-хил дехьа дисира.
Ткъа Данан тайпа хІунда дисира хинкеманашца?
Ашаран тайпа хІордан йистехь дисира,
йисте догІийла йолчохь.
18 Амма Забулан а, Напталан а халкъаша,
шайн дахар ца кхоош, лаьмнашкахь тІом бира.
19 Паччахьаш вовшахлата схьабаьхкира,

† 5:5 *Арадаккхар 19:18.*

канаIанхойн паччахьаша тIом бира.
ТаIнакахь, МагIиддан хиш долчохь, и хилла,
амма дато хIонс ца кхечира царна цигара.
20 Стигалара седарчий а дара вовшахлеташ.
Уьш шайн некъашкахь Сисрица тIом беш дара.
21 Къишун-хино дIабаьхьира уьш.
Чехка доьдуш долу хи ма ду иза.
Сан са, нуьцкъала хьалхадалий, дIагIо!
22 ТIаккха Сисрин говрийн бергаш схьайогIуш яра,
цара ден татанаш схьахезаш дара.
23 „НеIалт хуьлда Мераз-гIалина, –
элира Везачу Элан Малико, –
Билггал неIалт хуьлда цуьнан бахархошна,
цара Везачу Элана гIо ца дарна,
шайн майрачу тIемалошца цхьаьна“.
24 Декъала хуьлда кхенахо волчу Хьебаран зуда ЯIал!
Четарш чохь бехаш болчу зударшна юкъахь декъала хуьлда иза!
25 Сисрас мала хи дехча,
цо цунна шура елира.
Элашна хьалхахь лелош болчу кеда чуьра схьа а йоьттина,
мустъелла шура елира.
26 Шен четар чуьра ара а яьлла,
хьокха схьа а эцна,
аьтту куьйга *варзап* схьаийцира цо.
И хьокха Сисрин лергъагIонах чекхбаьккхира цо.
27 Цуьнан когаш тIе а тевжина,
иза циггахь воьжна Iуьллуш вара.
Цуьнан когаш тIе таьIIинчохь
валар а хилира цуьнан.
28 Корах арахьоьжуш яра Сисрин нана.
Цо елхарца хаьттира: „Сан кIентан гIудалкх хье хIунда елла?
ХIунда ца хеза цуьнан говрийн бергийн тата?“
29 Хьекъал долуш болчу цуьнан ялхоша жоп лора цунна,
цо ша-шена ма-даллара:
30 „Схьахетарехь, уьш, хIонс а карийна, шайна юкъахь иза йоькъуш хир бу.
ТIемалоша хIораммо а шайна цхьаъ я ши йоI схьаоьцуш хир ю.
ХIонс юкъара бес-бесара бедарш Сисрас шена схьахоржу.
ХIонс юкъара бес-бесара юьйцина цхьа бедар а,
бес-бесара тир яьккхина ши бедар а хIонс яьккхинчун коча уллу“.
31 Иштта хIаллакьхуьлийла Хьан берриг а мостагIий, Веза Эла!
Ткъа Хьо везаш берш, шен нуьцкъаллица схьакхетта богIуш болу малх санна, ницкъ болуш хуьлийла!»
Шовзткъа шарахь лаьтта тIехь машар лаьттира.

## Мехкан куьйгалхо волу ГадIан

6 Исраилан халкъ юха а Везачу Элана зуламе хеташ долу гIуллакхаш лело доладелира.
Цундела Везачу Эло уьш ворхI шарна маданхойн
кара дIабелира. 2 Исраилхошца чIогIа къиза бара
маданхой. Шаьш маданхойн баланах кIелхьардаха,
исраилхоша лаьмнаш юккъехь къайлах йолу
меттигаш а, хьехаш а, чIагIйина меттигаш а лехира
шайна. 3 ХIоразза а исраилхоша хIума дIайийча,
маданхой а, Iамалекхахой а, иштта малхбалехьа
Iаш долу къаьмнаш а, схьа а догIий, царна
тIелетара. 4 Церан четарш Исраилан лаьтта тIехь
лаьтташ дара, цара дIайийна мел йолу хIума Iази-
гIалина тIекхаччалц йолчу меттигашкахь
хIаллакйора, исраилхошна я уьстагI а, я сту а, я вир
а ца юьтуш. 5 Маданхоша, Исраилан лаьтта тIе а
баьхкина, цигахь шайн четарш дIахIиттийра. Цара
шайца шайн доьзалш а, шайн бежанаш а
схьадалийнера. Уьш, цIоз санна, дукха бара, церан
эмкалш а ягар ца яллал дукха яра. Цу лаьтта тIе а
баьхкина, цара массо а хIума хIаллакдинера.
6 ЧIогIа къийделира Исраилан халкъ маданхоша
дина зенаш бахьанехь. Исраилан халкъо, мохь
туххуш, Везачу Эле орца дехира.
7 Исраилхоша шайна маданхоша дина зенаш
бахьана долуш Везачу Эле гIо дехча, 8 Везачу Эло
уьш болчу пайхамар вахийтира. Исраилан халкъе
пайхамаро элира: «Исраилан халкъан Везачу Дала
шуьга боху:
„Мисар-махкара шу арадаьхнарг Со ву.
Лоллин цIа чуьра арадехира ас шу.
9 Мисархойх шу паргIатдехира Ас,
кхузахь шуна ницкъ беш болчу массеран карара кIелхьардехира.
Шуна уллора уьш дIа а лаьхкина,
церан латта шуна дIаделира Аса.
10 Ас шуьга элира: ‘Со ву шун Веза Дела. Iамал ма елаш шаьш Iаш долчу эмархойн лаьттара деланашна’. Амма аша ла ца дуьйгIира Сан озе“».

## ГадIан куьйгалхо дIахIоттар

11 Везачу Элан *Малик* деара ГадIан цIе йолу цхьа
стаг волчу. Малик, схьа а деана, Iапру йолчохь
лаьтташ долчу ножан дитта кIелахь охьахиира. И
дитт, Абу-Iезаран тайпанах а волуш, Юаш цIе йолчу
цхьана стеган дара. Юаш ГадIанан да вара. Цу
хенахь ГадIан кемсийн мутт схьадоккхуш йолчу
меттехь кIа цIандеш вара, иза маданхойх
къайладаккхархьама. 12 ГадIанна хьалха дIа а
хIоьттина, Везачу Элан Малико цуьнга элира: «Веза
Эла ву хьоьца, майра къонах!»
13 ГадIана жоп делира: «Сан эла! Веза Эла вайца
велахь, вайна оццул зенаш хIунда хилла? Вайн
дайша схьадийцина долчу массо а инзаречу
гIуллакхашна хIун хилла теша? Цара ца дуьйцура
те, Везачу Эло шаьш Мисар-махкара арадаьхна
бохуш?! Амма вай хIинца Везачу Эло дIа ма тесна.
Цо вай маданхойн кара дIаделла».
14 ТIаккха Везачу Эло, цуьнга дIа а вирзина, элира:
«Оцу ницкъаца ваха а гIой, Исраилан халкъ
маданхойх кIелхьардаккха. Аса вохуьйту хьо цига!»

15 ГадIана жоп делира: «Хьалдолу Эла, муха
доккхур дара те аса Исраилан халкъ кIелхьара?
Маннашан тайпанна юкъахь сан доьзал уггар
гIийла бу, ткъа со царна юкъахь уггар а жимах верг
ву».
16 Везачу Эло цуьнга элира: «Со хир ву хьоьца.
Цхьа стаг бен воцуш санна, эшор бу ахьа
маданхой».
17 ТIаккха ГадIана Везачу Эле элира: «Хьо суна
реза велахь, сан Веза Эла, суна билгало гайтахьа,
соьга Вистхилларг Хьо вуйла хоуьйтуш. 18 ДIа ма
гIохьа, со схьаваллалц. Хьайна совгIат схьа а деана,
иза Хьайна хьалха охьадилла пурба лохьа суна».
Цо жоп делира: «Хьо схьаваллалц, собардийр ду
Ас».
19 ГадIана, дIа а вахана, буьхьиг кхехкийра. Цхьа
*мазал* дама а хьакхийна, совсозачу бедах
хьокхамаш а дира цо. Жижиг тускар чу а диллина,
цунах схьаяьлла чорпа кхаби чу а йоьттина, уьш
Делан малик долчу ножан дитта кIел схьаеара цо.
20 Делан малико ГадIане элира: «Жижиг а,
хьокхамаш а хIокху тIулга тIе охьадахка, ткъа
чорпа цу тIе охьайотта». ГадIана шега аьлларг
кхочушдира. 21 Маликан карахь Iаса яра. Цо цу
Iасанан юьхьиг жижигах а, хьокхамех а
дIаIоьттича, тIулгах цIе а яьлла, цу цIаро жижиг а,
хьокхамаш а дIахьулдира. Ткъа Делан малик
къайладелира.
22 Иза Везачу Элан малик дуйла шена хиъча,
ГадIана, кхеравелла, элира: «Ва Сан Хьалдолу Эла!
Суна юьхь-дуьхьал гинарг Хьан Малик ма дара!»
23 Амма Везачу Эло ГадIане элира: «Марша Iойла!
Ма кхера! Хьо лийр вац!» 24 ГадIана цига, Везачу
Элана сагIа доккхуш йолчу метте, тIулгаш дехкира,
цунна, «Везачу Элан Машар» аьлла, цIе а туьллуш.
И тIулгаш хIинца а Абу-Iезаран доьзал бехачу Iапру
цIе йолчу юьртахь лаьтташ ду.

## ГадIана БаIална сагIа доккхуш йолу меттиг йохайо

25 Цу буссехь Везачу Эло ГадIане элира: «Хьайн
ден бежанашна юкъара шолгIа сту (ворхI шо
кхаьчна берг) схьа а эций, хьайн дас кечйина йолу
БаIална сагIа доккху меттиг йохае. Иштта цунна
уллохь лаьтташ болу Ашера-далла лерина болу
дечиган бIогIам, хадабай, схьабаккха. 26 Цул тIаьхьа
лакхенгахь хьайн Везачу Далла лерина сагIа доккху
меттиг кечъе. ШолгIа болу сту бен а бей, иза цу
кечйинчу меттигехь, Ашерин диттах даьккхина
долчу дечигах цIе а латаяй, багабе». 27 ГадIана, шен
ялхойх итт схьа а валийна, Везачу Эло шега
аьлларг кхочушдира. Амма шен цIерачарна а,
гIалин бахархошна а ша и хIума дийна делккъехь
деш воллуш гарна кхоьруш волчу ГадIана иза
буьйсанна дира.
28 Iуьйранна самабевллачу гIалин бахархошна
гира йохийна йолу БаIална лерина сагIа доккху
меттиг а, цунна уллохь схьахадийна болу Ашерин
бIогIам а. Царна иштта гира ГадIана кечйина йолу
сагIа доккху меттиг а, цу тIехь сагIина багийна болу
сту а. 29 Цара вовшашка хоьттура: «Хьан дина иза?»
Леррина талла а теллина, цхьаммо цаьрга элира:
«Юашан кIант волчу ГадIана дина». 30 Цу гIаларчу
бахархоша Юаше элира: «Араваккха хьайн кIант.
БаIална сагIа доккху меттиг а, цунна уллохь
лаьтташ болу бIогIам а цо бохийна дела, иза вала
везаш ву».
31 Шена дуьхьалбевллачаьрга Юаша элира: «Шу
БаIална тIехIотта гIерташ ду, иза кIелхьарваккха
гIерташ ду шу? Iуьйре тIекхачале цунна
тIехIоьттинарг вала везаш ву. БаIал дела велахь,
иза ша къовсавала веза, хIунда аьлча йохийна
йолу сагIа доккху меттиг цуьнан ма яра». 32 Юаша
элира: «ГадIана и сагIа доккху меттиг йохийна
хилча, БаIал ша къовсавала веза цуьнца». Цу
хенахь дуьйна ГадIанан цIе Яруб-БаIал аьлла
йоккхура (иза «БаIал къовсавалийта» бохург ду).

## ГадIана халкъ тIамана гулдо

33 Маданхой а, Iамалекхахой а, кхидолу
малхбалехьа дехаш долу къаьмнаш а
вовшахкхийтира. Йордан-хил дехьа а бевлла,
ИзреIалан аренгахь шайн *меттамотт* дIахIоттийра
цара. 34 ГадIанна тIе Везачу Элан Са доьссира.
ГадIана, коьман маIа а лекхна, ша волчу Абу-
Iезаран тайпанах долу халкъ схьагулдира. 35 Цо
Маннашан махкахула геланчаш бахийтира, массо а
нах ша волчу схьагулбе аьлла. ТIаккха хаамчаш
бахийтира Ашаран а, Забулан а, Напталан а
мехкашкахула а. Цигара нах а ГадIан волчу
баьхкира.
36 ГадIана Деле элира: «Ахьа соьга Исраилан къам
кIелхьардаккха гIо дийр ду аьллера. 37 Аса
хьаьттахь уьстагIийн тIаргIа дIабаржор бу. Нагахь
санна цу тIергIана тIехь диллина тхи хилахь, ткъа
гонахьа долчу лаьтта тIехь екъа хилахь, суна хуур
ду, Ахьа ма-аллара, со бахьана а долуш Исраилан
къам кIелхьардер дуйла». 38 Иза иштта хилира.
ШолгIачу дийнахь Iуьйранна хьалххехь
хьалагIаьттина волчу ГадIана, и тIаргIа Iовда а
Iаьвдина, цунах цхьа кад буьззина хи даьккхира.
39 ГадIана Деле элира: «Суна оьгIаз ма гIахьара Хьо,
аса кхин а цхьа дехар кхочушдар Хьайга дехча.
Суна кхин цкъа а уьстагIан тIергIаца билгало
хуьлийла луур дара. ТIаргIа бекъа а болуш, массо а
меттехь тхи хилийтахьара Ахьа». 40 Дала цу буса,
ГадIана ма-аллара, хилийтира: тIаргIа бекъа а
болуш, дерриг а лаьтта тIе тхи диллира Цо.

## ГадIана маданхой эшабо

7 Iуьйранна сатоссуш Яруб-БаIала (ГадIана)
шеца болчу нахаца цхьаьна Хьарод цIе йолчу
хьостана уллохь шайн *меттамотт* дIахIоттийра.
Ткъа маданхойн меттамотт царна къилбаседехьа
йолчу тогIи чохь лаьтташ бара, МорахI олучу лома
уллохь. 2 Везачу Эло ГадIане элира: «Хьоьца

цхьаьна тIех дукха халкъ хилар бахьана долуш,
маданхой шун кара дIабала ца лаьа Суна. Суна ца
лаьа исраилхоша, дозалла а деш: „Тхо тхаьш
кIелхьардевлла“ – бохийла а. 3 †Хьайца
схьабаьхкинчаьрга дIаала: „Кхеравелла вегош мел
верг ГалIадарчу лам тIера шайн цIа юхаверза
мегар ду“». Ткъе ши эзар стаг ГадIан волчуьра цIа
вахара, итт эзар стаг бухависира.
4 Цул тIаьхьа Везачу Эло ГадIане элира: «ХIинца а
тIех дукха адам ду кхузахь. Уьш хи долчу дIабига.
Цигахь Аса уьш зуьйр бу хьуна. Нагахь санна Аса:
„Хьоьца ваха мегар ду“ – алахь, иза гIур ву. Ткъа
Аса: „Иза хьоьца гIур вац“ – алахь, цуьнан хьоьца
ваха йиш яц». 5 ГадIана шеца болу нах хи йисте
охьабигира. Везачу Эло ГадIане элира: «ЖIаьло
санна, маттаца хи молуш берш цхьана агIор
дIахIиттабе, ткъа хи молучу хенахь, голаш тIе охьа
а таьIна, хи молуш верг вукху агIор хIоттаве».
6 Куьйгашца хи шайн юьхь тIе а кхоьхьуш, мотт ара
а баьккхина, хи молуш верг кхо бIе стаг вара. Ткъа
вукхара хи, голаш тIе охьа а таьIна, молура.
7 Везачу Эло ГадIане элира: «Мотт ара а баьккхина,
хи мелла волчу кхаа бIе стагехула шу кIелхьара а
даьхна, маданхой шун кара дIалур бу Ас. Вуьш
шайн-шайн цIа бахийта». 8 ГадIана уьш цIа а
бахийтина, цаьргахь йолу яа хIума а, коьман маIаш
а схьаийцира. Бухависнарг верриг а кхо бIе стаг
вара. Ткъа маданхойн меттамотт лахахь тогIи чохь
льтташ бара.
9 Цу буьйсанна Везачу Эло ГадIане элира: «Хьала а
гIаттий, маданхойн меттаматтана дуьхьал гIо. Аса
уьш хьан кара дIало. 10 Нагахь санна царна
дуьхьалвала хьо кхерахь, хьайн ялхо волчу Пураца
царна тIе гIо. 11 Маданхойн меттаматтана юххе а
гIой, цара хIун боху ладогIа. ТIаккха хьо кхоьрур
вац царна тIелата». ГадIан а, цуьнан ялхо волу Пура
а аренга охьавоьссира, маданхойн меттаматтан
йистте. 12 Маданхой а, Iамалекхахой а, кхиболу
малхбалерчу мехкашкара бахархой а аренгахь Iаш
бара. Уьш, цIоз санна, дукха бара. Церан эмкалш а,
хIордан йистехь йолу гIум санна, ягарлур йоцуш
дукха яра.
13 МостагIийн меттаматтана улло веанчу ГадIанна
хезира, цхьана тIемалочо вукху тIемалочуьнга
шена гина долу гIан дуьйцуш. Цо дуьйцура: «Суна
гIенахь гира маданхойн меттаматтехула,
хахкаделла, дIадоьдуш долу горга бепиг. И бепиг,
хахкаделла, четарна чIогIа тIекхийтира. ТIаккха и
четар, каг а делла, охьадуьйжира».
14 Вукхо элира: «Хьан гIан иштта бен кхечу
тайпана тида йиш йолуш дац. Иза исраилхо волчу
Юашан кIентан ГадIанан тур ду. Дала маданхой а,
церан берриг а меттамотт а цуьнан кара дIабелла».
15 И гIан а, цуьнан тидар а хезна волу ГадIан
Везачу Элана хьалха суждане вахара. Исраилхойн
меттаматте юха а веана, цо элира: «ХьалагIовтта!
Везачу Эло маданхойн меттамотт вайн кара
схьало». 16 Цо кхо бIе стаг кхаа декъе вийкъира.
ХIора тIемалочунна кара коьман маIий, яьсса
кхабий елира цо. ХIора кхаби чохь богуш *къуьда*
бара. 17 ГадIана цаьрга элира: «Соьга а хьожуш, аса
деш дерг де. Вай мостагIийн меттаматте кхаьчча,
аса деш дерг де. 18 Меттаматтана го а бай, сой,
соьца берший коьман маIа лакха буьйлабелча,
аша а маIаш лекха йолае, мохь а бетташ: „Везачу
Элан а, ГадIанан а дуьхьа!“ – бохуш».
19 ГадIан а, цуьнца волу бIе стаг а, мостагIийн
меттамотт болчу охьа а воьссина, цунна улло
вахара, буьйса юккъеяхча ха деш болу тIемалой
хийцабеллачул тIаьхьа. Цара, коьман маIаш а
лекхна, шайн кхабанаш кегйира. 20 Кхаа тобанехь
болчара, коьман маIаш а лоькхуш, шайн кхабанаш
кегйира. Церан аьрру куьйга лаьцна къуьданаш
дара, ткъа аьтту куьйгахь маIаш яра. МаIаш а
лоькхуш, цара мохь беттара: «Везачу Элан а,
ГадIанан а дуьхьа тур тоха!» – бохуш. 21 ГадIанан
тIемалой шаьш болччохь льтташ бара, ткъа
меттаматтара дерриг а эскар, маьхьарий а
хьоькхуш, дIауьдуш дара. 22 ГадIанаца хиллачу кхаа
бIе стага коьман маIаш лекхча, Везачу Эло
меттаматтара нах вовшашна дуьхьалбехира. Уьш,
вовшашна тарраш а диттина, бевдда Царира-
гIалина уллохь йолчу Байт-ШатIа дIабахара. Уьш
иштта ТIабата уллохь йолчу Абал-Махьулан йисте
кхечира.
23 Напталан а, Ашаран а, Маннашан а тайпанах
болу тIемалой маданхошна тIаьхьабовла
бахийтинера. 24 ГадIана Эпрайман лаьмнашна
уллохь йолчу меттигашка шен геланчаш
бахийтинера дIаала: «Маданхошна дуьхьал ара а
довлий, царах лата, Байт-Барина тIекхаччалц
Йордан-хил дехьаволийла а ларъе», – аьлла. Массо
а эпраймхоша Байт-Барига тIекхаччалц Йордан-
хил дехьаволийлаш схьалецира. 25 Маданхойн
Iораббий, Зиаббий цIе йолу ши баьчча а
схьалецира цара. Iораб Iорабан *тарх* йолчохь
вийра, ткъа Зиаб Зиабан кемсийн мутт доккхучу
меттехь вийра. Церан кортош, схьа а даьхна,
ГадIан волчу Йордан-хил дехьа схьадеара.

## Маданхой эшабар

8 Эпраймхоша ГадIан чIогIа бехке веш вара.
Цара цуьнга бохура: «ХIунда дина ахьа иза?
Стенна ца хаийтира ахьа тхоьга, хьо маданхошца
тIом бан воьдуш?»
2 ГадIана царна жоп делира: «Ас лелийнарг аша
лелийначуьнца муха дустур ду? Абу-Iезаран
тIаьхьено хьалха диначул а, эпраймхоша тIаьхьо
кхочушдинарг деза ма ду! 3 ††Шун кара дIабелла
Дала маданхойн баьччанаш Iораб а, Зиаб а.
Цундела шун кхиам боккхо бу. Аша динчуьнга
хьаьжча, хIун далур дара соьга?» ГадIана бохург
шайна хезча, эпраймхой, хьалха санна,
оьгIазлонаш еш бацара.

† 7:3 Карлабаьккхинарг 20:8.

†† 8:3-5 Забур 82:12.

4 Йордан-хи долчу а веана, ГадIан а, цуьнца волу
кхо бIе стаг а хил дехьа велира. Шаьш чIогIа
кIадбеллехь а, уьш мостагIашна
тIаьхьабевллачуьра ца севцира. 5 Сакхатарчу
бахархошка ГадIана элира: «Соьца схьабаьхкинчу
нахана яа хIума ло. Маданхойн паччахьашна
Зебахьний, ЦалманаIаний тIаьхьабевлла лелачу
хенахь уьш чIогIа кIадбелла».
6 Амма Сакхат-гIалин куьйгалхоша ГадIане элира:
«Зебаххьий, ЦалманаIIий хьан карахь ву ткъа?
Стенна яла еза оха хьан эскарна яа хIума?»
7 ТIаккха ГадIана элира: «Делахь, Зебаххьий,
ЦалманаIIий сайна Везачу Эло каравеллачул
тIаьхьа, со кхуза юхавогIур ву. Аша хIинца динарг
бахьана долуш аса, со цигара юхавирзича, шун
догIмаш яьссачу аренан коканашца а, кIохцалшца
а этIор ду». 8 Цигара ваьлла Пенуал-гIала веара
ГадIан. Цигахь а гIалин бахархошка Сакхатехь
аьлларг элира цо. Амма цара а Сакхатехь болчу
бахархоша аьлларг элира цуьнга. 9 ГадIана цаьрга
элира: «Со толамца юхавирзича, аса хIара бIов
йохор ю».
10 Зебаххьий, ЦалманаIIий шайн эскарца
Кхаркхур-гIалахь вара. Цаьрца пхийтта эзар стаг
вара. Уьш малхбалехьарчу мехкашкара тIемалойх
бухабисинчарах бара. БIе ткъа эзар стаг, тур лелош
болу тIемалой, цу эскарна юкъара
хIаллакьхиллера. 11 Нобахьа-гIалиний,
ЙогIбахIаний малхбалехьа болчу новкъахула
дIавахара ГадIан. Кхаркхур-метте схьа а веана, иза
шен мостагIашна дагахь а доццучу хенахь царна
тIелетира. 12 Зебахь а, ЦалманаI а ведда дIавахара.
Царна тIаьхьаваьллачу ГадIана схьалецира
маданхойн ши паччахь. Иштта дерриг а маданхойн
эскар Iадийнера ГадIана.
13 Юашан кIант ГадIан тIамера юхавирзира.
Хьерас цIе йолчу ломан дукъана тIехула цIа вогIуш
вара иза. 14 Сакхат-гIалара бахархошна юкъара
цхьа жима стаг схьа а лаьцна, цуьнга хеттарш дан
волавелира иза. Цо кхузткъе вуьрхIитта шайн
элийн а, къанойн а цIераш дIаязйира ГадIанна.
15 Сакхат-гIала схьа а веана, ГадIана цигарчу
бахархошка элира: «Зебаххьий, ЦалманаIIий хIорш
бу. Ткъа аша, сан эскар кIадделла, хIоьттина ду,
цунна яа хIума лахьара аьлла, аса дехар дича, сох
дийла а дуьйлуш, элира: „Зебаххьий, ЦалманаIIий
хьан карахь ву ткъа? Стенна яла еза оха хьан
эскарна яа хIума?“» 16 Сакхатара къаной схьа а
гулбина, царна коканийн а, кIохцалийн а коьллаш
йиттира цо. И хIума а дина, цо Сакхатарчу нахана,
уьш Iамош, масала делира. 17 ГадIана Пенуал-
гIалара бIов а йохийра, цигара нах а байира.
18 Цо Зебахье а, ЦалманаIе а хаьттира: «Табурехь
аша байина болу нах муха бара?»
Цу шиммо жоп делира: «Уьш хьох тера бара.
ХIора стаг а паччахьан кIентах тера вара».
19 ГадIана цаьрга элира: «Уьш сан вежарий бара,
сан ненан кIентий. Дийна волчу Везачу Элах чIагIо
йо ас: аша уьш дийна битина хиллехь, аса хIинца
шуьшиъ вуьйр вацара». 20 Шен воккхах волчу
кIанте ИтIаре дIа а хьаьжна, цо элира: «Вей,
дIаваккха и шиъ». Амма ИтIара шен тур баттара
схьа ца даьккхира, хIунда аьлча иза, ша жима
хиларх терра, кхоьруш вара. 21 ТIаккха Зебахьа а,
ЦалманаIа а ГадIане элира: «Схьа а волий, айхьа ве
тхойшиъ. Хьоьгахь цу гIуллакхна тоъал ницкъ буй
те?» Хьала а гIаьттина, ГадIана, и шиъ вен а вийна,
церан эмкалийн кочара мIерий схьадехира.

## ГадIана ийпад йо

22 Исраилан халкъо ГадIане элира: «Тхо
маданхойн баланах кIелхьардаьхна ахьа. Тхуна
тIехь олалла де ахьа а, хьан кIанта а, хьан кIентан
кIанта а».
23 Амма ГадIана исраилхошка элира: «Аса а дийр
дац шуна тIехь олалла, я сан кIанта а дийр дац.
Везачу Эло дойла шуна тIехь олалла». 24 ГадIана
цаьрга элира: «Сан цхьа дехар ду шуьга. ХIораммо
а ша схьаэцначух лергара цхьацца чIуг ло суна».
(Цо эшийначаьргахь дукха дашо чIагарш яра, уьш
исмаьIалхой хиларе терра.)
25 Цара элира: «Хаза а хеташ дIалур ю». Бедар
лаьтта охьа а тесна, цу тIе шайн караеанчу хIонсах
цхьацца чIуг кхоьссира цара. 26 Цара и чIагарш
схьагулйича, уьш цхьа эзар ворхI бIе *шекхалан*
барамехь яра †. Цунна совгIатана кхин а дашо
мIерий а, коча уллургаш а, маданхойн паччахьаша
юхуш йолу таьIна цIен бедарш а, эмкалийн коча
ухкуш йолу дашо зIенаш а елира. 27 Цу деших
ГадIана, *ийпад* а йина, иза шен Iапру цIе йолчу
юьртахь охьайиллира. Массо а исраилхо цу
ийпадна корта тоха оьхуш вара. И ийпад ГадIанна
а, цуьнан дерриг а цIенна а гур хилла
дIахIоьттинера.
28 Маданхой исраилхошна муьтIахь хилла
дIахIиттинера, цара шайн кортош
охьатаIийначуьра хьала ца ойура. ГадIан дийна
мел ву, шовзткъа шарахь машар лаьттира цу
махкахь.

## ГадIанан кхалхар

29 Юашан кIант Яруб-БаIал (ГадIан), цIа а вахана,
цигахь Iаш вара. 30 ГадIанан кхузткъе итт кIант
вара. Уьш оццул дукха бара, цуьнан дуккха а
зударий хилла дела. 31 Цуьнан кхин а *гIарбаш-зуда*
а яра. Иза Шехемехь ехаш яра. Цо цунна кIант
вира, цуьнан цIе Абу-Малик а тиллира. 32 Юашан
кIант ГадIан къеналле ваханчу хенахь велира. Иза
дIавоьллира шен ден Юашан къубба чохь, абу-
Iезархойн Iапру-юьртахь.
33 ГадIан веллачул тIаьхьа исраилхой, Везачу
Элера дIа а бирзина, юха а БаIал-деланашна
тIаьхьахIиттира. Шайн дела БаIал-Барт а хаьржина,

† *Цхьа эзар ворхI бIе шекхалан барам *– иза 19.5 кийланан барам бу.**

34 шаьш гонах болчу массо а мостагІех
кІелхьарваьккхина волу шайн Веза Дела дага ца
вогІура царна. 35 Исраилан халкъо ларам ца
гайтира Яруб-БаІалан (ГадІанан) тІаьхьенна, цара
шайн дуьхьа дуккха а дика гІуллакхаш динехь а.

### Абу-Малик

9 Яруб-БаІалан кІанта Абу-Малика, Шехем-гІала
а вахана, шен ненан вежаршка а, массо а
ненахошка а элира: 2 «Шехем-гІалин къаношка
хатта: шуна хІун лаьа: „Яруб-БаІалан кхузткъе итт
кІанта олалла дойла лаьа шуна, я цхьаьнга олалла
дайта лаьа? Абу-Малик шайн цІийх схьаваьлла
хилар диц а ма де“». 3 Абу-Маликан ненан вежарша
и хаттар Шехеман къаношка дира. Ткъа уьш Абу-
Маликна тІаьхьахІитта резахилира. «Иза вайн
ваша ву», – элира цара. 4 Шехемарчу куьйгалхоша
Абу-Маликна БаІал-Барт- *делан цІа* чуьра кхузткъе
итт *шекхал* дети делира. И дети а делла, Абу-
Малика, деш-дуьтуш а доцуш, шайн лаамехь волу
масех стаг лецира. Уьш цунна тІаьхьахІиттира.
5 Абу-Малика, Іапру-юьртахь долчу шен ден цІа а
вахана, Яруб-БаІалан (ГадІанан) кхузткъе итт кІант
вийра. Уьш массо а цхьана тархана уллохь вийра
цо. Яруб-БаІалан уггар жимах волу кІант Йовтам
дийна висира, иза дІалечкъина хилар бахьана
долуш. 6 Цул тІаьхьа Шехеман а, Байт-Миллонан а
бахархоша цу гІалина генахь доццуш лаьтташ
долчу ножан дитт долчохь Абу-Малик шайн
паччахь вина дІахІоттийра.

### Йовтаман хьекъале дийцар

7 Шехемарчу куьйгалхоша Абу-Малик шайн
паччахь вина дІахІоттинийла хиъча, Йовтама,
Герзим-лам тІе а ваьлла, мохь а бетташ, халкъе
элира: «ЛадогІа соьга, Шехеман бахархой. Цул
тІаьхьа шуьга Дала ладугІийла. 8 Цхьана дийнахь
дитташа шайна юкъахь паччахь харжа сацам бина
хилла, цуьнга шайна тІехь олалла дайта. Цара *зайт-
дитте* аьлла: „Олалла де тхуна тІехь“. 9 Амма зайт-
дитто цаьрга жоп делла: „Аса деланийн а, адамийн
а сий до, айса луш долу даьтта бахьана долуш.
Даьтта ца луш саца дезий со, кхечарна тІехь олалла
дар бахьана долуш?“ 10 ТІаккха цара комаран дитте
элира: „Дало, ахьа олалла де тхуна тІехь“. 11 Амма
комаран дитто жоп делира: „Дика а, мерза а стом
лучуьра саца деза со, кхечарна тІехь олалла
дархьама?“ 12 ТІаккха кемсийн таьлланге цара
элира: „Олалла де тхуна тІехь“. 13 Амма кемсийн
таьлланго а жоп делира: „Сох схьадаьллачу чагІаро
делийн а, адамийн а самукъадоккху. И стом ца луш
саца дезий со, кхечу дитташна тІехь олалла
дархьама?“ 14 ТІаьххьара а массо а дитташа
коканийн кулле элира: „Яло, ахьа паччахьалла де
тхуна тІехь“. 15 Коканийн кулло цаьрга элира:
„Шайна баккъал а со паччахь хилийта лаахь, даха а
гІой, сан ІиндагІехь дІахьулло. Нагахь санна иза
иштта ца хилахь, цу коьллех цІе а яьлла, цу цІаро
Ливанун-махкара баганан дитташ а дагадойла“.
16 Шайна хуур ду шуна, нийса а, доггах а
хІоттинийла шаьш Абу-Малик паччахьан метта.
Иштта шайна хуур ду шуна, шаьш хила ма-деззара
хиллий шу Яруб-БаІалан доьзалца а, цо шайна
динчу диканашца дуьстина диний аша шаьш
динарг. 17 Шу бахьана долуш ша-шен а ца кхоош,
сан дас, тІом а бина, шу маданхойн куьйга кІелара
схьадаьхна. 18 Ткъа аша хІинца, сан ден доьзална
дуьхьал а девлла, цуьнан кхузткъе итт кІант цхьана
тарх тІехь вийна, ткъа Абу-Малик шайн паччахь
вина дІахІоттийна, иза шайн гергара стаг волу
дела. Ткъа иза сан ден *гІарбаш-зуда* хиллачун кІант
бен вац! 19 Нагахь санна Яруб-БаІалца а, цуьнан
доьзалца а шу нийса а, доггах а леллехь, шайн
паччахьца даккхий а деш Іе. Цо а даккхийдедойла
шу. 20 Нагахь санна аша динарг хьарам хІума
делахь, Абу-Маликах цІе а яьлла, Шехемара а,
Байт-Миллора а бахархой а богийла. Шехемах а,
Байт-Миллох а цІе а яьлла, Абу-Малик а вогийла!»
21 Иза ша аьлла ваьллачул тІаьхьа Йовтам, шен
веших ведда дІа а вахана, Беар-гІалахь
дІалечкъира.

### Абу-Малика Шехемана дуьхьал тІом бо

22 Абу-Малика Исраилан халкъана тІехь кхаа
шарахь олалла дира. 23 Цул тІаьхьа Дала зуламе са
дахийтира Абу-Маликаний, Шехем-гІалин
бахархошний юкъа хІотта. Шехемхой Абу-Маликна
дуьхьалбевлира. 24 Иштта бекхам хилира цунна,
Яруб-БаІалан кхузткъе итт кІант вер бахьана
долуш. Церан цІий бахьана долуш бекхам хилира
церан ваша волчу Абу-Маликна а, Шехеман
бахархошна а, уьш байар тІетадина болчу. 25 Цара
гунашна боххье охьаховшийра шайна уллохула
тІех мел волуш волчунна талор деш болу нах. Иза
Абу-Маликна тІедаьхьира.
26 Іабайдан кІант ГаІал шен вежаршца Шехеме
веара. Цу гІалин бахархоша, цунах теша а тешна,
цунна тІаьхьахІитта сацам бира. 27 Цхьана дийнахь
Шехеман бахархой кемсаш схьагулъян
арабевлира. Цара кемсех мутт а даьккхина, цунах
чагІар а дина, шайн делан цІа чохь той
дІахІоттийра. Дууш, молуш, Абу-Маликна неІалт а
кхайкхош, Іаш бара уьш. 28 Іабайдан кІанта ГаІала
элира: «Вай – Шехеман халкъ ду. Вай хІунда хила
деза Абу-Маликна муьтІахь? Иза вайна мила ву?
Яруб-БаІалан кІант вац иза? Ткъа Абу-Малика ца
вина Забулах коьрта хьаькам? Вай Абу-Маликан
куьйга кІелахь хила гІуллакх долуш дац! Шехеман
да волчу Хьамуран тІаьхьенна гІуллакх деш лелар
гІоле ду вайна. Цунна гІуллакх деш вай хІунда
лелаш ду? 29 ХІара халкъ сайн карахь делахьара,
аса Абу-Малик кхузара дІаэккхор вара. Аса цуьнга
эр дара: „Хьайн эскар алсам а даккхий, тІом бан
аравала“».

30 Цу гIалин коьрта хьаькам волу Забул, шена
Iабайдан кIанта ГаIала аьлларг хезча, чIогIа
оьгIазвахара. 31 Цо къайлаха Абу-Малик волчу
геланчаш бахийтира дIаала: «Iабайдан кIант ГаIал
а, цуьнан вежарий а, Шехеме а баьхкина, массо а
стаг хьуна дуьхьалвоккхуш бу. 32 Цундела хьо а,
хьан халкъ а буьйсанна гIалина улло а деана,
аренгахь кIело ян дIалачкъа деза. 33 Ткъа Iуьйранна
малх схьаккхетачу хенахь шу гIалина тIелата деза.
ГаIал шен тIемалошца хьоьца лата гIали чуьра
араваьлча, хьайга далург де царна».
34 Буьйсанна Абу-Малик а, цуьнца болу тIемалой а
гIалина улло баьхкира. Деа декъе бекъа а белла,
кIело ян дIалевчкъира уьш. 35 Iабайдан кIант ГаIал,
гIалин кевнна улло а вахана, цигахь дIахIоьттича,
Абу-Малик шеца хиллачаьрца цхьаьна ша
дIалечкъина волчуьра гучувелира. 36 И нах гина
волчу ГаIала Забуле элира: «Хьажал, лаьмнаш тIера
охьабуьссуш нах бу».
Забула цуьнга жоп делира: «Лаьмнийн IиндагIех
хьуна нах тарбелла».
37 Амма ГаIала юха а элира: «Хьажал лакхенгара
охьабуьссуш болчаьрга. Суна бозбунчийн дитта
уллохула схьабогIуш болчеран кортош го».
38 Забула цуьнга элира: «ХIинца хIунда ца йо ахьа
кураллаш? Ахьа ца бохура Абу-Малик хIумма а вац,
вай цуьнан куьйга кIелахь хила гIуллакх долуш а
дац? Уьш ахьа ца вешаш къамел динарш бу.
ХIинца, ваха а гIой, цаьрца лата». 39 ГаIал, шеца
Шехеман бахархой а болуш, Абу-Маликца лата
аравелира. 40 Абу-Малик гIалин ков долчу
юхауьдуш болчу ГаIалаца цхьаьна хиллачарна
тIаьхьавелира. Цу кевнна тIекхачале, царах
дукххаберш байира цо. 41 Цул тIаьхьа Абу-Малик
Арума-гIала юхавирзира, ткъа Забула ГаIал цуьнан
вежаршца Шехемара араваьккхира.
42 ШолгIачу дийнахь Шехеман бахархой шайн
кхашна тIехь болх бан арабевлира. Абу-Маликна
иза дIахиира. 43 Шен тIемалой кхаа декъе бекъа а
бекъна, уьш аренгахь, кIело еш, дIалачкъийтира
Абу-Малика. ГIалара арабевлла болу нах шайна
гича, царна кIело йинарш тIелетира. 44 Абу-Малик
шен тобанашца, гIалин ков долчу а вахана, цигахь
дIахIоьттира. Ткъа важа йолу ши тоба арахь
болчарна тIелетира. Цара уьш байира. 45 И де
дIадаллалц тIом бира Абу-Малика Шехеман
бахархошца. ГIала схьа а яьккхина, цигахь мел
долу адам дийра цара. ГIала йоха а йина, цуьнан
сьлнашна тIе туьха тесира цара.
46 Шайна гIалахь хилларг дIахиъча, Шехемарчу
бIаьвнна чохь Iийнарш БаIал-Бартан делан цIа
чохь хиллачу кхераме доцучу цIа чохь
схьагулбелира. 47 Шена Шехемерчу бIаьвнна чохь
Iийнарш цхьана Iаш буйла хиъча, 48 Абу-Малика
шен халкъаца, Цалмун-лам тIе а ваьлла, дагарца
кегийра гаьннаш а даьхна, уьш шен белшаш тIе а
дехкина, халкъе вистхилира: «Шуна го аса динарг.
Сихха аса диннарг де аша а». 49 Уьш хIора а, Абу-
Малика санна, гаьннаш а даьхна, цунна
тIаьхьахIоьттира. Цара шаьш схьадеана долу
гаьннаш БаIал-Бартан цIенна кхераме йоцучу
чоьнна улло охьадехкира. Царах цIе а латийна, цу
чохь мел хилларг а вагийра цара. Иштта вагийна
дIаваьккхира Шехеман бIаьвнна чохь хилла волу
цхьа эзар хиллал стаг. Царна юкъахь зударий а,
божарий а бара.

## Абу-Маликан валар

50 Цул тIаьхьа Абу-Малика шеца хиллачаьрца,
Табац-гIала а вахана, цунна го а бина, иза шен
караерзийра. 51 ГIалина юккъехь лаьтташ цхьа
чIогIа бIов яра. Цу гIалара массо а вахархо, и бIов
йолчу дIа а вахана, цуьнан неIарш дIа а къевлина,
цу бIаьвнан тхов тIе велира. 52 Абу-Малик шеца
хиллачаьрца бIаьвнна тIелетира. Иза, цуьнан
неIарш цIарца яго дагахь, бIаьвнна улло вахара.
53 †ТIаккха тхов тIехь лаьтташ йолчу цхьана зудчо,
боккха тIулг чу а кхоьссина, цуьнан туьта кагийра.
54 Абу-Малика, шеца хилла волу къона герз лелориг
тIе а кхайкхина, цуьнга элира: «Сихха хьайн тур
схьа а даккхий, со вей дIаваккха, нахе: „Абу-Малик
зудчо вийна“ – ца бахийта». Цуьнан ялхочо Абу-
Маликах шен тур чекхдаьккхира. Иза велира.
55 Исраилхошна Абу-Малик веллийла хиъча, уьш
шайн-шайн цIа бахара.
56 Дала иштта бекхам бира, Абу-Малика, шен
кхузткъе итт ваша а вийна, шен дена бина болу
тешнабехк бахьана долуш. 57 Дала иштта бекхам
бира Шехеман бахархошна а, цара дина долу
зуламе гIуллакхаш бахьана долуш. Яруб-БаIалан
кIанта Йовтама кхайкхийна долу неIалт дахара
царах.

## Мехкан куьйгалхо волу ТовлаI

10 Абу-Малик веллачул тIаьхьа кхин цхьаъ а
гIаьттира Исраилан халкъ кIелхьардаккха.
Иза вара Иссарханан тIаьхьенах волу Додин
кIентан Пувин кIант ТовлаI. ТовлаI Эпрайм-
лаьмнашкахь лаьтташ йолчу Шамир-гIалахь вехаш
вара. 2 Иза ткъе кхаа шарахь Исраилан мехкан
куьйгалхо лаьттина вара. Веллачул тIаьхьа иза
Шамир-гIалахь дIавоьллина.

## Мехкан куьйгалхо волу Яир

3 ТовлаI веллачул тIаьхьа ГалIадара Яир
гучувелира. Ткъе шина шарахь Исраилан мехкан
куьйгалхо хилла лаьттира иза. 4 Цуьнан ткъе итт
кIант вара. Уьш ткъе итт вир тIехь лелаш бара.
Церан ГалIадан махкахь ткъе итт гIала яра. Царах
хIинца а Яиран гIаланаш олу. 5 Яир веллачул
тIаьхьа Кхамон-гIалахь дIавоьллира.

---

† *9:53 Дауд 11:21.*

### Iамминхоша Исраилца тIом бо

6 Исраилхой юха а Везачу Элана зуламе хеташ
долу гIуллакхаш лело буьйлабелира. Цара БаIална
а, Iаштартана а, арамхойн а, цIаданхойн а,
муабахойн а, Iамминхойн а, пIелаштамхойн а
харцделанашна Iамал йора, Веза Эла виц а вина,
Цунна Iамал ечуьра севцира уьш. 7 Веза Эла
оьгIазвахара исраилхошна. Цундела Цо уьш
пIелаштамхойн а, Iамминхойн а кара дIабелира.
8 Цу шарахь цара Йорданна малхбалехьа йолчу
хийистехь ГалIадахь эмархойн махкахь дехаш долу
Исраилан халкъ эша а дина, берхIитта шарахь иза
дацийра. 9 ТIаьххьара а Iамминхой, Йорданал
дехьа а бевлла, тIамца ЯхIудан а, Бен-Яманан а,
Эпрайман а халкъашна тIегIоьртира. Дуккха а
зенаш дира Iамминхоша Исраилан халкъана.
10 Везачу Эле гIо доьхуш, кхойкхуш бара
Исраилан кIентий. «Тхан Дела, Хьуна хьалха оха
къинош летийна. Тхайн Дела вита а витина, БаIал
санна долчу харцделанашна Iамал еш дара тхо», –
бохура цара.
11 Везачу Эло Исраилан халкъе элира: «Шаьш
мисархойн а, эмархойн а, Iамминхойн а,
пIелаштамхойн а, 12 цIаданхойн а, Iамалекхахойн а,
маIунхойн а карахь долуш аша Соьга гIо доьхура.
Аса цу нехан карара шу схьа ма дехира. 13 Амма шу,
Со а витина, кхечу деланашна Iамалъян
дуьйладелира. Аса шу кхин кIелхьардохур дац.
14 Даха а гIой, шаьш хаьржинчу деланашка гIо деха.
Цаьрга дахийта шаьш хьоьгучу баланах
кIелхьара».
15 Амма Исраилан халкъо Везачу Эле элира: «Оха
тхайх къа латийна. Хьайна луъург тхох дан а дай,
хIинца кIелхьардахахьара Ахьа тхо».
16 Харцделанаш дIа а тесна, Исраилан халкъ Везачу
Элана Iамал еш дIахIоьттира. Цара хьоьгуш болчу
балана са ца детталора Везачу Эле.

### Яптахь мехкан куьйгалхо хоржу

17 Iамминхой тIом бан кечбеллера. ГалIадан
латта тIехь шайн *меттамотт* дIахIоттийра цара.
Исраилхоша а, схьа а гулбелла, МицIпа-гIала
йолчохь шайн меттамотт дIахIоттийра.
18 ГалIадхойн куьйгалхоша элира: «Iамминхошца
дуьххьара тIом болийнарг ГалIадахь долчу массо а
халкъана тIехь хьаькам хилла дIахIуттур ву».
11 ГалIадхойх схьаваьлла волу майра тIемало
вара Яптахь. Цуьнан нана нахаца лелаш яра,
ткъа Яптахь цо ГалIад цIе йолчу стагах винера.
2 ГалIадан зудчо цунна вина масех кIант вара.
Баккхий хиллачул тIаьхьа Яптахь цIа чуьра
араваьккхира цара. Цара цуьнга элира: «Тхан да
кхелхинчул тIаьхьа цуьнан хIуманах хьуна хIумма а
ца догIу, хьо кхечу зудчо вина волу дела». 3 Шен
вежарех ведда, Яптахь ТIоба олучу махка
дIавахара. Цигахь цунна улло гулбеллера, деш-
дуьтуш а доцуш, лелаш болу нах. Уьш цунна
тIаьхьахIиттира.
4 Цхьа хан яьлча, Iамминхой тIелетира
исраилхошна. 5 Iамминхойн исраилхошца болу
тIом дIаболабеллачул тIаьхьа галIадхойн къаной
баьхкира Яптахь ТIоба-махкара дIавига. 6 Къаноша
Яптахье элира: «Тхуна тIехь куьйгалхо а хилий,
Iамминхошца тIом байта вайга».
7 Амма Яптахьа галIадхойн къаношка элира:
«Соьца шайн болу цабезам бахьана долуш со сайн
ден цIа чуьра араваьккхира аша. Шайна тIе вон
деача, со волчу стенна даьхкина шу?»
8 ГалIадхойн къаноша жоп делира цунна: «Тхуна
хьалха а ваьлла, Iамминхошца ахьа тIом баре а,
ГалIадахь дехаш мел долчу адамашна тIехь ахьа
куьйгалла даре а сатуьйсуш, даьхкина тхо хьо
волчу».
9 Яптахьа къаношка хаьттира: «Iамминхошца тIом
бан аша со юхаверзийча, Везачу Эло уьш сан кара
схьалахь, со шун куьйгалхо хилла вуьсур вуй?»
10 ГалIадарчу къаноша Яптахье элира: «Веза Эла
теш хуьлийла вайна юкъахь. Оха ахьа мел бохург
дийр ду!» 11 Яптахь ГалIадарчу къаношца дIавахара,
ткъа халкъо иза, шайн баьчча а, хьаькам а вина,
дIахIоттийра. Яптахьа ша мел аьлларг Везачу
Элана хьалхахь МицIпахь юха а элира.

### Яптахьа Iамминхойн паччахье хабар дахьийтар

12 Яптахьа Iамминхойн паччахь волчу шен
векалш бахийтира хабар эцна: «Вайна юкъа хIун
доьлла? Хьо тхан латтта тIе тIамца хIунда веана?» –
аьлла.
13 Iамминхойн паччахьо Яптахьан векалшка жоп
делира: «Исраилан халкъ Мисар-махкара
схьадогIучу хенахь, цо Арнон-хина тIера Ябокхний,
Йорданний тIекхаччалц сан латтанаш дIалаьцна.
Уьш машарца юхадерзаде суна».
14 Шена и хабар схьакхаьчча, Яптахьа уьш юха а
Iамминхойн паччахь волчу дIахьовсийра 15 цуьнга
дIаала: «Яптахьа иштта боху: „Исраилхоша я
муабахойн а, я Iамминхойн а латтанаш схьа ца
лаьцна, 16 хIунда аьлча Мисар-махкара схьадогIучу
хенахь Исраилан къам, яьссачу аренгахула Эрзийн
хIорд болчу а кхаьчна, цигара Кхадеше кхечира.
17 †Цигара исраилхоша шайн векалш бахийтира
Эдомерчу паччахьна тIе хабар эцна: ‘Хьайн
лаьттана тIехула дIадаха пурба лахьара ахьа’, –
аьлла. Амма Эдоман паччахьо и пурба ца делира
царна. Цара иштта муабахойн паччахьна тIе а
бахийтира векалш. Цо а шен лаьттана тIехула
дIадаха пурба ца делира царна. Цундела Исраилан
халкъ Кхадешахь сецнера. 18 ††Цул тIаьхьа
Исраилан халкъ яьссачу аренгахула дIадахара,
эдомхойн а, муабахойн а латтанашна гобоккхуш
тIех а долуш. Уьш муабахойн лаьттан малхбалехьа
йолчу меттехь, Арнон-хин йистехь, севцира.
Муабахойн лаьттана тIе ца бевлира уьш, хIунда

† *11:17 Лелар 20:14-21.* †† *11:18 Лелар 21:4.*

аьлча церан лаьттан доза Арнон-хица дара.
19 †Исраилхоша шайн векалш бахийтира Хьешбон-
гIалара эмархойн паччахь волчу Сихьонна тIе.
Векалша Сихьоне элира: 'Исраилан халкъ хьайн
лаьтта тIехула дIадахийтахьара ахьа. Тхо тхайн
лаьтта тIе дIадаха дохкура'. 20 Амма Сихьона
исраилхошна шен лаьтта тIехула дIадаха пурба ца
делира. Иза, шен халкъ схьа а гулдина, ЯхIацахь
*меттамотт* дIа а хIоттийна, исраилхошца лата
кечвелира. 21 Исраилан халкъан Везачу Дала
Сихьон а, цуьнан къам а исраилхойн кара
схьаделира. Эмархойн дерриг а латта исраилхойн
дола делира. 22 Церан карахь дара Арнон-хина
тIера дуьйна Ябокх-хина тIекхаччалц а, иштта
яьссачу аренгара Йорданна тIекхаччалц а долу
латта. 23 Исраилан халкъан Везачу Дала Шен
Исраилан халкъана хьалхара эмархой дIалаьхкина,
ткъа хьо хIинца и латта схьадаккха гIерташ ву?
24 Шайн дела волчу Камоша делла латта шун
долахь ма ду! Иштта тхо а дехар ду тхайн Везачу
Дала тхайна деллачу лаьтта тIехь! 25 ††Ткъа хьо
муабахойн паччахь волчу Ципуран кIантал
Балакхал тоьлуш ву? Исраилхошца барт эгIар
хиллий цуьнан, я тIом бина цо цаьрца? 26 Исраилан
халкъ Хьешбонехь кхаа бIе шарахь даьхна, иштта
IаруIерахь а, цунна гонах йолчу ярташкахь а,
Арнон-хина гонахьа мел йолчу гIаланашкахь а
даьхна. Цу хенахь хIунда ца даьккхира аша и латта
схьа? 27 Хьуна хьалхахь цхьана а тайпана бехк бац
сан, ткъа хьо, суна тIамца дуьхьал а ваьлла, вонаш
деш лелаш ву. Кхелахо волчу Везачу Эло йойла
вайна юкъахь кхел, исраилхошний, Iамминхошний
юкъара Цо хоржийла бехке верг"». 28 Амма Яптахьа
векалшкахула аьллачуьнга Iамминхойн паччахьо
ла ца дуьйгIира.

### Яптахьа нигат до

29 Яптахьна тIе Везачу Элан Са доьссира. Иза
ГалIадан а, Маннашан а мехкашкахула а, иштта
ГалIадарчу МицIпехула Iамминхойн махка тIе
кхечира. 30 Цо, Везачу Элана хьалха нигат деш,
элира: «Нагахь санна Iамминхой Ахьа сан кара
схьалахь, 31 со толамца цигара юхавирзинчул
тIаьхьа, сайн керта чуволуш сайна дуьххьара
дуьхьалкхеттарг Хьуна сагIина дIалур ду Аса, иза
дага а деш».
32 Цул тIаьхьа Яптахьа, Iамминхой болчу а вахана,
цаьрца тIом бира. Везачу Эло Iамминхой цуьнан
кара дIабелира. 33 Цо IаруIера дуьйна Минит-
гIалина тIекхаччалц а, цигара дIа Абал-Кирамамна
тIекхаччалц а йолу ткъа гIала йохийна
дIаяьккхира. Иза Iамминхошна тIехь баьккхина
боккха толам бара. ХIетахь дуьйна схьа уьш
исраилхошна хьалхахь къера бара.
34 Яптахь МицIпахь долчу шен цIа юхавирзира.
Цунна гира, жиргIа а етташ, эшарш а лоькхуш,
хелхарш а деш, дуьхьалйогIуш йолу шен цхьаъ бен
йоцу йоI. Цуьнан кхин я кIант а, я йоI а дацара.
35 ‡Шена дуьхьалйогIуш йолу шен йоI гича, Яптахьа
шена тIера бедарш этIийра, ша холчу хIоттар
дIагойтуш. Цо элира: «Сан йоI! Со вий-кх ахьа! Со
дакъазаваьккхи-кх ахьа! Аса Везачу Элана хьалхахь
дина нигат ду, иза дохо сан йиш а яц!»
36 Яптахье цуьнан йоIа элира: «Сан да! Везачу
Элана ахьа дош делла, цундела ахьа иза кхочушдан
деза. Везачу Эло хьан мостагIий болчу
Iамминхошна бекхам ма байтина хьоьга!» 37 Цул
тIаьхьа цо шен дега элира: «Цхьа гIуллакх дехьа
ахьа сан дуьхьа: со шина баттана сайна луъучу
дIаяхийтахьа. Лаьмнашкахула лелаш, сайн
доттагIашца йоьлхур яра со цкъа а маре ца йоьдуш
йисарна».
38 Цо шен йоIе элира: «ГIо хьайна». Шина баттана
дIаяхийтира цо иза. Шен доттагIашца дIа а яхана,
цо и хан, ша цкъа а маре гIург цахилар бахьана
долуш, лаьмнашкахь йоьлхуш яьккхира. 39 Ши бутт
дIабаьллачул тIаьхьа иза шен да волчу
юхайирзира. Дас ша Везачу Элана хьалхахь дина
долу нигат кхочушдира. Иштта Яптахьан йоI цкъа а
боьршачу стагах ца кхийтира. Ткъа Исраилан
махкахь ламаст хилла дIахIоьттира, 40 хIора шарахь
массо а зударша диъ де галIадхо волчу Яптахьан
йоIана боьлхуш даккхар.

### Яптахь а, эпраймхой а

12 Эпраймхой, вовшах а кхетта, Цапун-гIала
дехьабевлира. Цара Яптахье элира: «Хьо
Iамминхошца тIом бан воьдучу хенахь тхо хIунда
ца дигира ахьа хьайца? Оха хьан цIа хьоьца
цхьаьна дагор ду».
2 Яптахьа цаьрга элира: «Тхуний, Iамминхошний
юкъахь доккха дов дара. Аса шуьга гIо дийхира,
амма аша тхо кIелхьара ца дехира. 3 Аша тхуна гIо
ца дойла хиъча, оха тхаьш кхоа а ца деш, хил дехьа
а девлла, Iамминхошца тIом бира. Везачу Эло уьш
тхан кара схьа а белира. Шу хIинца стенна
даьхкина соьца тIом бан?» 4 Цул тIаьхьа Яптахьа,
ГалIадара массо а стаг схьа а гулвина,
эпраймхошца тIом бира. Царна тIехь цо толам
баьккхира, хIунда аьлча эпраймхоша аьллера: «Шу
бевдда баьхкинчу эпраймхойх а, маннашхойх а
тIаьхьадисина долу цхьа дакъа ду». 5 ГалIадхоша
Йордан-хих дехьаволуш йолу меттигаш дIалецира.
Шайга хIаллакбаза бисина болчу эпраймхоша хил
дехьадовла пурба дехча, галIадхоша цаьрга
хоттура: «Хьо эпраймхо-м вац?» Цара «Вац» – аьлла
жоп делча, 6 галIадхоша цаьрга «шибболет» боху
дош ала олура. Амма эпраймхошка и дош нийса ца
алалуш, цара «сибболет» олура. ГалIадхошна иштта
хаьара, уьш эпраймхой буйла. Уьш цара хил
дехьаволийла йолчохь бойура. Цигахь иштта
шовзткъе шиъ эзар эпраймхо хIаллакьхилира.

† *11:19-22 Лелар 21:21-24.* †† *11:25 Лелар 22:1-6.*

‡ *11:35 Лелар 30:3.*

[7] Яптахь ялх шарахь Исраилан мехкан куьйгалхо
лаьттира. Цул тӀаьхьа Яптахьан кхалхар хилира.
Иза ГалӀадарчу цхьана гӀалахь дӀавоьллира.

### Мехкан куьйгалхо Ивцан

[8] Яптахьана тӀаьхьа Исраилан махкахь кхелахо
Байтлахам-гӀалара Ивцан вара. [9] Цуьнан ткъе итт
кӀант а, ткъе итт йоӀ а яра. Цо шен зудабераш шайн
гергара боцчу божаршка маре бахийтира, ткъа
шен кӀенташна шайн гергара боцчу нехан
зудабераш далийра. Ивцан ворхӀ шарахь Исраилан
махкахь куьйгалхо хилла лаьттира. [10] Цул тӀаьхьа
Ивцан кхелхира. Иза дӀавоьллира Байтлахам-
гӀалахь.

### Мехкан куьйгалхо Эйлон

[11] Ивцанна тӀаьхьа Исраилан махкахь куьйгалхо
хилла дӀахӀоьттира Забулан тайпанах волу Эйлон.
Иза цу даржехь итт шарахь лаьттира. [12] Цул тӀаьхьа
Забулан некъех волу Эйлон кхелхира. Иза
дӀавоьллира Забулан лаьтта тӀехь йолчу Айлон-
гӀалахь.

### Мехкан куьйгалхо Ӏабдани

[13] Эйлон веллачул тӀаьхьа Исраилан мехкан
куьйгалхо хилла дӀахӀоьттира Ӏабдани. Иза вара
ПӀарӀатунарчу ХӀалилин кӀант. [14] Ӏабданин
шовзткъа кӀант а, ткъе итт кӀентан кӀант а вара.
Уьш кхузткъе итт вирана тӀехиъна лелаш бара. Иза
бархӀ шарахь Исраилан мехкан куьйгалхо
лаьттира. [15] Цул тӀаьхьа ПӀарӀатунарчу ХӀалилин
кӀант Ӏабдани кхелхира. Иза Ӏамалекхахой Ӏаш
хиллачу лаьмнашкахь, Эпрайман лаьтта тӀехь
йолчу ПӀарӀатунахь, дӀавоьллира.

### Шамшон дуьнен чу валар

13 Исраилхой юха а Везачу Элана зуламе хеташ
долу гӀуллакхаш лело буьйлабелира. Цундела
Цо уьш шовзткъа шарна пӀелаштамхойн кара
дӀабелира.
[2] Цу хенахь Манахь цӀе а йолуш, Данан
тӀаьхьенах волу цхьа стаг вара ЦорӀа-гӀалахь
вехаш. Цуьнан зуда берах хуьлуш яцара. [3] Цу
зудчунна дуьхьал Везачу Элан *Малик* деара. Цо
элира: «Хьо берах хуьлуш а, бер деш а ца хиллехь
а, ахьа, берах а хилла, кӀант вийр ву. [4] ХӀинцачул
тӀаьхьа ларлуш хила, цхьанна а тайпана долу
чагӀар а ма мала, Далла хьалха боьха йолу хӀума а
ма яа. [5] †ХӀинца берах а хилла, ахьа кӀант вича,
цуьнан корта дӀа ма башийта, хӀунда аьлча иза
хьан кийрахь волчу хенахь дуьйна Дала
къобалвина *назархо* хир ву, иза Исраилан халкъ
пӀелаштамхойх кӀелхьардаккха волалур ву».
[6] Зудчо, схьа а еана, шен майрачуьнга элира:
«Делан стаг веанера со йолчу. ТӀехьаьжча, Делан
маликах тера а волуш, чӀогӀа даг чу кхерам
тосуьйтуш стаг вара иза. Аса мичара ву аьлла ца
хаьттира цуьнга, ткъа цо шен цӀе а ца яьккхира.
[7] Цо элира: „Ахьа кӀант вийр ву. Цундела цхьа а
тайпана вахош долу малар а ма мала, Далла цӀена
хетарг бен хӀума а ма яа, хӀунда аьлча и бер хьан
кийрахь долчу хенахь дуьйна ша дуьнен чуьра
дӀадаллалц Дала вазвина назархо хир ву“».
[8] ТӀаккха Манахьа шен доӀанна тӀехь Везачу Эле
дехар деш элира: «Веза Эла! Делан стаг кхин а цкъа
тхо долчу ваийтахьара Ахьа, тхоьга дуьнен чу дала
дезачу цу берана оха хӀун дан деза дуьйцуш».
[9] Далла Манахьан аз дӀахезира. Делан малик,
Манахьан зуда йолчу юха а деана, дӀахӀоьттира. Цу
хенахь иза аренгахь яра, цунна уллохь цуьнан
майра волу Манахь а вацара. [10] Едда шен майра
волчу а яхана, зудчо цуьнга хаам беш элира: «Со
йолчу юха а тохарлера стаг веана».
[11] Манахь, хьала а гӀаьттина, шен зудчунна
тӀаьхьа а хӀоьттина, цу стагана тӀевахара. Цо элира:
«Хьо вуй хӀокху зудчуьнца къамел динарг?»
Малико элира: «Со ву».
[12] Манахьа элира: «И хьан дешнаш
кхочушхиллачул тӀаьхьа, кӀант муха кхио веза оха?
Цунна хӀун дан деза?»
[13] Везачу Элан Малико элира: «Хьайн зудчуьнга
аса мел аьллачух ларло ала. [14] Кемсийн таьллангех
йолуш йолу хӀума ма яийта, вахош долу маларш а
ма малийта, Далла боьха хетачу хӀуманех мотт а ма
тохийта. И аса аьлларг дерриг а кхочушдайта
цуьнга».
[15] Манахьа Везачу Элан Малике элира: «Тхуна хьо
социйла лаьара, буьхьиган жижиг кхихкина
даллалц».
[16] Везачу Элан Малико Манахье элира: «Со
кхузахь соцуш хилахь а, аса хьан кхача буур бац.
Нагахь санна дийнаташ дагоран сагӀа даккха лууш
хьо велахь, и гӀуллакх Везачу Элан дуьхьа де».
Манахьана ца хаьара, иза Везачу Элан Малик
дуйла.
[17] Манахьа Везачу Элан Малике элира: «Хьан цӀе
хӀун ю? Хьан дешнаш кхочушхилча, тхуна луур ду
хьан сий хьаладаккха».
[18] Везачу Элан Малико цуьнга элира: «Сан цӀе
хӀунда хоьтту ахьа? Иза тамашийна ю».
[19] ТӀаккха Манахьа, буьхьиг а, кӀа а схьа а эцна,
тӀулга тӀехь Везачу Элана сагӀа даьккхира. Манахь
а, цуьнан зуда а хьоьжучу хенахь Везачу Эло цхьа
тамашийна гӀуллакх дира. [20] СагӀа доккхучу
тӀулгашна тӀера цӀе стигала хьалаяхча, Везачу Элан
Малик цу цӀарца стигала хьаладахара. И хӀума
шайна гича, Манахь а, цуьнан зуда а лаьтта бертал
охьадуьйжира. [21] Везачу Элан Малик Манахьана а,
цуьнан зудчунна а гучуьра къайладелира. ТӀаккха
Манахьана хиира, иза Везачу Элан Малик дуйла.
[22] Манахьа шен зудчуьнга элира: «Вайна Дела
гира! Цундела вайшиъ лийр ду!»
[23] Амма цуьнан зудчо элира: «Везачу Элана
вайшиъ ден лиъънехь, Цо вайшиммо сагӀина

† *13:5 Лелар 6:1-5.*

лерина йолу буьхьиг а, кӀен сагӀа а дӀаоьцур
дацара. Иштта Цо Ша гайтинарг а гойтур дацара
вайна я цхьа а тайпана хӀума а эр дацара».
24 Цу зудчо кӀант вира, цуьнан цӀе Шамшон а
тиллира. И бер кхуьуш догӀуш дара, Везачу Эло иза
къобал а дора. 25 Везачу Элан Са иза меттахъхьеван
доладелира Махьаней-Дан цӀе йолчу меттехь иза
волчу хенахь. И меттиг ЦорӀаний, Эштаулний
юккъехь дӀахӀоттийна яра.

### Шамшона зуда ялайо

14 Цхьана дийнахь Шамшон Тамна-гӀала вахча,
цунна пӀелаштамхойн цхьа жима зуда гира.
2 ЦӀа а веана, цо шен дегий, неней элира: «Суна
Тамна-гӀалахь пӀелаштамхойн цхьа йоӀ гира. Иза
суна схьаялае».
3 Дас-нанас цуьнга элира: «Хьан гергарчарна я
къомана юкъахь яц ахьа ялон мегар йолу йоӀ?
Стенна лоьху ахьа сунтбаза болчу пӀелаштамхошна
юкъахь хьайна яло зуда?»
Амма Шамшона шен дега элира: «Иза ялае суна.
И йоӀ суна хазахетта».
4 Цуьнан дений, нанний ца хаьара, и хӀума Везачу
Элера дуйла: Иза пӀелаштамхошна бекхам бан
меттиг йоккхуш вара. Цу хенахь пӀелаштамхой
Исраилан махкахь олалла деш бара.
5 Шамшон шен деций, ненаций Тамна-гӀала
вахара. Цу гӀалин йистехь йолчу кемсийн беша
улло хӀорш нисбелча, цунна дуьхьал, гӀигӀ деш,
къона лом делира. 6 Шамшонна тӀе Везачу Элан Са
доьссира, тӀаккха цо и лом, буьхьиг санна, этӀийна,
цистина, дӀадаьккхира. Цо шен дега а, нене а цунах
лаьцна хӀумма а ца элира.
7 Шамшона, гӀала а веана, цу пӀелаштамхойн
йоӀаца къамел дира. Цунна иза езаелира. 8 Масех
де даьлча, иза юха а цу гӀала вахара, шена
пӀелаштамхойн и йоӀ яло дагахь. Новкъахула
дӀавоьдуш, ша дийна долчу лоьме хьажа вахара
иза. Еллачу хӀуманна чохь цунна гира
накхармозийн вай а, моз а. 9 Шамшона и моз,
куьйгаца схьа а эцна, новкъахула дӀавоьддушехь
диира. ЦӀа веача, шен дений, нанний кӀеззиг моз
делира цо. Цара иза диира. Амма Шамшона цаьрга
дӀа ца элира, ша и моз деллачу лоьмана чуьра
даьккхина хилар.
10 Шамшонан да цу йоӀе хьажа вахара. Цигахь
Шамшона, зуда ялош волчо ма-хӀоттора, той
дӀахӀоттийра. 11 Шамшон шайна гича,
пӀелаштамхоша ткъе итт стаг вахийтира иза волчу.
Уьш цуьнца хила безаш бара. 12 Шамшона цаьрга
элира: «Аса хӀетал-метал лур ду шуна. Той дӀахьочу
ворхӀ дийнахь шуна иза хаахь, аса гатанан ткъе итт
духар а, хуьйцуш юха ткъе итт тӀехулара бедар а
лур ю шуна. 13 Нагахь санна аса делла долу хӀетал-
метал шуна ца хаахь, аша суна схьаяла еза ткъе итт
коч а, ткъе уьттазза хийца бедар а».
Цара элира: «Схьаала хьайн хӀетал-метал. Тхо
ладугӀуш ду».
14 Шамшона цаьрга хӀетал-метал делира:
«Юуш волчунна чуьра яа хӀума елира,
ткъа ницкъ болуш волчунна чуьра мерзаниг
елира».
Кхаа дийнахь хӀетал-метална жоп дала ца хууш
Ӏийра уьш.
15 ДоьалгӀачу † дийнахь Шамшонан зудчуьнга
цара элира: «ХӀетал-метал схьаала бертавалаве
хьайн майра. Иза цо схьа ца алахь, оха хьо а, хьан
ден цӀа а дагор ду. ЧӀим санна, тхо цӀандан
кхайкхинера аша?»
16 Зуда, йоьлхуш, дӀахӀоьттира Шамшонна хьалха.
Цо бохура: «Хьуна со ца еза. Сан къомана хӀетал-
метал делла ахьа, ткъа соьга иза ахьа схьа ца олу».
Шамшона цуьнга элира: «Сайн дега а, нене а ца
аьлла аса иза. Ткъа хьоьга ала дезара аса иза?»
17 Кхаьргахь той дӀахьочу ворхӀ дийнахь йилхина
иза Шамшонна хьалха. ТӀаьххьара а ворхӀалгӀачу
дийнахь зуда шега дехар дечуьра ца сецча, цо
цуьнга хӀетал-метал дӀадийцира. ТӀаккха зудчо и
хӀетал-метал шен къомах болчарна довзийтира.
18 ВорхӀалгӀачу дийнахь малх дӀабузале
пӀелаштамхоша Шамшоне элира:
« *Мазал* мерза хӀун ю,
лоьмал ницкъ болуш мила ву?»
Ткъа Шамшона цаьрга элира:
«Сан дуьхьаргана тӀехь аша охана деш ца
хиллехь,
шуна сан хӀетал-метал хуур дацара».
19 Цуьнга ницкъ боуьйтуш, Везачу Элан Са
доьссира Шамшонна тӀе. Цо, Ашкхилун цӀе йолчу
гӀала а вахана, цигахь ткъе итт пӀелаштамхо а
вийна, царна тӀера кучамаш а, кхийолу бедарш а,
схьа а яьхна, хӀетал-метал хиънарчарна дӀаелира.
Цул тӀаьхьа, чӀогӀа оьгӀаз а вахана, иза шен ден цӀа
вахара. 20 Ткъа Шамшонан зуда церан тойнехь
хьаша хиллачу кхуьнан доттагӀчуьнга маре
дӀаелира.

### Шамшона пӀелаштамхошна сингаттам бахьа

15 Масех де даьлча, кӀа хьоккхучу хенахь,
Шамшон шен зуда йолчу веара, жима
буьхьиг а яхьаш, иза гархьама. Стундега цо элира:
«Сайн зуда дӀаюьжучу чугӀур ву со». Амма вукхо иза
чу ца вахийтира. 2 Цо элира: «Суна моьттинера, иза
хьуна ца езаелла, цундела аса иза хьан
доттагӀчуьнга маре дӀаелира. Цул жимах ерг хазо ю
хьуна, иза цуьнан метта дӀайига».
3 Амма Шамшона цаьрга элира: «ХӀинца суна
цхьаммо а бехк буьллур бац, аса пӀелаштамхошна
зен дахь». 4 Шамшона, ваха а вахана, кхо бӀе
цхьогал а лаьцна, уьш шишша цхьаьна шайн
цӀогарчашца дӀа а дихкина, хӀора шина цӀоганна
юкъахь хаьштиг дихкира. 5 И хаьштигаш лата а
дина, цо и кхо бӀе цхьогал пӀелаштамхойн кхашна
тӀе дӀахийцира. Хьаькхна лаьтташ долу кӀен

† *ДоьалгӀачу *– иштта грекийн гочдаре хьаьжжина ду. Ӏебархойн маттахь: *ВорхӀалгӀачу.**

цӀевнаш а, хьакхаза долу кӀа а, кемсийн аренаш а,
*зайт-дитташ* а дагийна дӀадехира. 6 ПӀелаштамхоша
хоьттура: «Иза хьан дина?» Царна жоп делира:
«Тамнахочун нуц волчу Шамшона дина, шен зуда
цуьнан дас кхечунна дӀаелла дела».
ПӀелаштамхоша и зуда а, цуьнан да а волчу а
баьхкина, уьш, цӀе а тесна, багийра.
7 Шамшона цаьрга элира: «Аша иза дарна, аса
бекхам бийр бу шуна. Цул тӀаьхьа бен суна тем хир
бац». 8 Настарш а, хенаш а кегдина, пӀелаштамхой
охьабехкира цо. Цул тӀаьхьа иза ӀайтӀам олучу
тархана уллорачу чӀожа чохь охьахиира.

### Шамшона пӀелаштамхошна тӀехь толам баккхар

9 Ткъа пӀелаштамхой, тӀамана ара а бевлла, ЯхӀуд-
махкахь шайн *меттамотт* дӀа а хӀоттийна, Лахьи
олучу меттигна тӀелетира. 10 ЯхӀуд-махкарчу
бахархоша цаьрга хьаьттира: «Шу тхуна дуьхьал
хӀунда девлла?»
ПӀелаштамхоша жоп делира: «Тхо, Шамшон схьа
а лаьцна, иза дӀавехка даьхкина. Оха цунна тӀехь а
дийр ду цо тхайна диннарг». 11 ЯхӀуд-махкара кхаа
эзар стага, ӀайтӀам цӀе йолчу тархана уллохь
Ӏуьллучу чӀожа чу а вахана, Шамшоне элира:
«Хьуна ца хаьа пӀелаштамхой тхуна тӀехь олалла
деш дӀахӀиттинийла? ХӀунда дина ахьа иза?»
Шамшона цаьрга элира: «Цара суна динарг аса
царна дӀадекхна».
12 ТӀаккха цара цуьнга элира: «Тхо хьо, дӀа а
вихкина, пӀелаштамхошка дӀавала даьхкина».
Шамшона цаьрга элира: «Шаьш со вуьйр вац
алий, дуй баа».
13 Цара жоп делира: «Оха хьо, дӀавехкар бен,
вуьйр вац. Цул тӀаьхьа пӀелаштамхойн кара дӀалур
ву». ЦӀеначу шина муьшаца иза дӀа а вихкина,
чӀожа чуьра Шамшон араваьккхира цара.
14 Иза Лахьина улло кхаьчча, пӀелаштамхой
маьхьаршца дуьхьалбевлира цунна. ТӀаккха
Шамшонна тӀе Везачу Элан Са доьссира. Цуьнан
куьйгаш дӀадихкина долу машшаш даьгна
дӀадаьлла долу вета санна хилла дӀахӀиттира.
Цуьнан куьйгаш тӀера буржалш охьаийгира.
15 Дукха хан йоццуш еллачу виран мочхал карийра
цунна. Куьг дӀа а кховдийна, иза схьа а эцна,
цуьнца цо цхьа эзар стаг вийра. 16 Шамшона элира:
«Виран мочхалца царах баьрзнаш а дина,
виран мочхалца аса эзар стаг ма вийра!»
17 И дешнаш а аьлла, шен карара мочхал
дӀакхоьссира цо. Цу меттиган цӀе Рамат-Лахьи
тиллира цо (иза «мочхалан Рамат» бохург ду).
18 Иза чӀогӀа хьагвеллера. Цо, Везачу Эле
вистхуьлуш, элира: «Хьайн лен карахула Ахьа тхо
кӀелхьардехи. Ткъа хӀинца со, хьогалла вала а
велла, хӀокху сунтбаза болчеран кара ма
вахийтахьара Ахьа». 19 Дала боккха кӀаг балийтира
Лахьи-меттехь, цу чуьра хи хьаладелира.
Шамшона и хи меллачул тӀаьхьа, цуьнан ницкъ
юхабеара. Цундела тиллина цу меттиган цӀе Ӏейн-
Кхури аьлла (иза «кхойкхучун хьоста» бохург ду).
Иза хӀинца а Лахьи-меттехь йолуш ю.
20 Шамшон пӀелаштамхойн заманахь ткъа
шарахь Исраилан мехкан куьйгалхо хилла
лаьттира.

### Шамшон Ӏази-гӀала воьду

16 Цхьана дийнахь Шамшон Ӏази-гӀала кхечира.
Цигахь цунна нахаца лелаш йолу цхьа зуда
гира. Шамшон иза йолчу вахара. 2 Ӏази-гӀаларчу
бахархоша элира: «Кхуза Шамшон веана». Иза
ларвеш, буьйса дӀаяллалц Ӏийра уьш гӀалин ков
долчохь. «Ӏуьйре тӀекхаьчча, Шамшон вуьйр ву
вай», – аьлла, ерриг а буьйса бист ца хуьлуш
яьккхира цара. 3 Буьйса юккъе яххалц вижина
Ӏиллира Шамшон. Цул тӀаьхьа, хьала а гӀаьттина,
катоьхна, гӀалин ков шен гураца, боьллинчу гӀуйца
цхьаьна схьа а даьккхина, шен белшашна тӀе а
диллина, Хьевронана малхбалехьа болчу ломан
буьххье хьаладаьккхира цо.

### Шамшон а, Делила а

4 Дукха хан ялале, цунна цхьа зуда езаелира,
Суракх олучу тогӀи чохь Ӏаш йолу. Цуьнан цӀе
Делила яра. 5 Иза йолчу пӀелаштамхойн куьйгалхой
баьхкира дехарца: «Хаа хьажахьара хьо, стенца
доьзна ду Шамшонан ницкъ болуш хилар. ТӀаккха
тхуна хуур дара, иза, дӀа а вихкина, муха сацо веза.
Ахьа тхан дехар кхочушдахь, оха хӀораммо а хьуна
цхьа эзар бӀе *шекхал* дети лур дара».
6 Делилас Шамшоне элира: «Дийцахьа соьга,
стенца доьзна ду хьан цу тайпана ницкъ болуш
хилар? Стенца дӀавихкина сацо веза хьо?»
7 Шамшона цуьнга элира: «Нагахь санна со
якъоза йолчу керлачу ворхӀ зӀенарца дӀавехкахь,
соьгара ницкъ дӀа а баьлла, со массо а нах санна
хир ву».
8 Эццахь пӀелаштамхойн куьйгалхоша якъоза
тӀуьна йолу ворхӀ керла зӀенар еара. ТӀаккха
Делилас цаьрца Шамшон дӀавихкира. 9 Шен цӀа
чохь цхьаболу божарий дӀа а лачкъийна, цо элира:
«Шамшон! ПӀелаштамхой бу хьуна тӀебогӀуш!» Цо,
тохавелла, зӀенарш хадийра, яьгначу бехчалган
теш санна. Цундела пӀелаштамхошна цуьнан
ницкъ стенца боьзна бу ца хиира.
10 ТӀаккха Делилас Шамшоне элира: «Ахьа со
лейина, бакъдерг схьа а ца дуьйцуш. ХӀинца
мукъана дийцахьа, хьо стенца дӀавехка веза?»
11 Шамшона элира: «Нагахь санна со цкъа а
лелоза долчу машшашца дӀавехкахь, соьгахь
ницкъ хир бац. Со массо а нах санна хир ву».
12 Делилас, керла машшаш схьа а эцна, иза
дӀавихкира. Цуьнан цӀа чохь цхьаболу божарий дӀа
а лачкъийна, цо цуьнга элира: «Шамшон!
ПӀелаштамхой бу хьуна тӀебогӀуш!» И машшаш цо
шен куьйгаш тӀера, теш санна, охьадехира.

13 Делилас юха а Шамшоне элира: «Со массо а
хенахь лейо ахь, суна харцдерг а дуьйцуш.
Дийцахьа соьга, муха дIавехка веза хьо?»
Шамшона цуьнга элира: «КIади деш йолчу чорха
тIехь сан месех йина йолу ворхI чIаба цу кIадинах
дIа а юьйцина, ахьа иза хьостамашца гуьйригах
дIатохахь, со, массо а нах санна, гIийла хир ву».
Иштта иза вижинчул тIаьхьа, цуьнан ворхI чIаба
кIадинах дIа а юьйцина, 14 уьш, цо ма-аллара,
гуьйригах дIа а тоьхна, Делилас цуьнга элира:
«ПIелаштамхой хьуна тIебогIуш бу, Шамшон!»
Вижинчуьра сама а ваьлла, кIадица цхьаьна
гуьйриг а озийна схьаяьлккхира цо.
15 Делилас цуьнга элира: «Ахьа, со еза бохуш,
къамелаш дахь а, хьан дог соьца дац. Кхузза со
лейина ахьа, хьайгахь болу боккха ницкъ мичара
бу ца дуьйцуш». 16 ХIора дийнахь чIогIа сагатдора
цо Шамшонан, цуьнан къайле гучуяккха гIерташ.
Иза валлал чIогIа саготта вара. 17 ТIаьххьара а цо
Делилига элира: «Сан месех цкъа а урс хьакхаделла
дац, хIунда аьлча со, сайн ненан кийрахь
воллушехь, Далла лерина *назархо* хилла
схьавогIуш ву. Сан корта дIабашахь, соьгара ницкъ
дIабер бу. ТIаккха со массо а нах санна хилла
дIахIуттур ву».
18 Делилас, цо шен къайле гучуяьлккхинийла
хиъна, пIелаштамхойн куьйгалхошка кхайкха стаг
вахийтира. Цо ша бохуьйтуш болчаьрга элира:
«ХIинца цо суна шен мел йолу къайле
гучуяьлккхина». Шайн карахь дети а долуш,
пIелаштамхойн куьйгалхой Делила йолчу
баьхкира. 19 Шен голаш тIехь Делилас Шамшон
дIавижийра. Иза тхьаьвсинчул тIаьхьа, цо цхьа
стаг схьа а кхайкхина, Шамшонан коьртара ворхI
чIаба дIахадаяйтира. Иза, малвелла, ницкъ дIа а
баьлла, дIахIоьттира. 20 Делилас элира:
«ПIелаштамхой хьуна тIебогIуш бу, Шамшон!» Сама
а ваьлла, цо элира: «Ваха а вахана, хьалха санна,
кIелхьарвер ву со!» Цунна ца хаьара, Везачу Эло
ша витинийла. 21 ПIелаштамхоша, схьа а лаьцна,
цуьнан ши бIаьрг баьккхира. Цул тIаьхьа Iази-гIала
дIа а вигна, цIестан шина зIенаца цунна буржал
туьйхира цара. Цунна тутмакхийн цIа чохь кIа
ахьар тIедожийра. 22 Цу хенахь цуьнан коьртара
дIахедийна йолу месаш тIейовлуш яра.

## Шамшон кхалхар

23 ПIелаштамхойн куьйгалхой вовшахкхеттера
сакъера а, шайн дела волчу ДагIонна доккха сагIа
даккха а. Цара бохура: «Вайн дала Шамшон вайн
кара схьавелла». 24 ПIелаштамхой а, шайна
Шамшон гича, шайн далла хастамаш бан
буьйлабелира: «Вайна юкъара дуккха а нах
хIаллакбеш, вайн мохк бассош хилла волу вайн
мостагI вайн дала вайн кара схьавелла». 25 Шайн
сакъераделлачу меттехь цара элира:
«Схьакхайкхал Шамшоне вайн самукъадаккхийта».
Тутмакхийн цIа чуьра Шамшон кхайкхина
схьавалийра. Церан самукъадоккхуш вара иза.
Шамшон цара шина бIогIамна юккъехь
дIахIоттийра. 26 Шен куьг а лаьцна лелаш волчу
жимачу кIанте Шамшона элира: «И цIа тIехь
лаьтташ болчу бIогIамашна улло дIавигахьа со
царах куьг Iоттийта. Суна цу бIогIамашна тIетовжа
лаьа». 27 Цу цIа чохь дуккха а зударий а, божарий а
бара. Царна юкъахь схьагулвелла массо а
пIелаштамхойн куьйгалхо а вара. ЦIийнан тхов
тIехь Шамшоне, бийла а буьйлуш, хьоьжуш
лаьтташ кхо эзар хиллал стаг а, зуда а яра.
28 Везачу Эле дехар дира Шамшона: «Сан
Хьалдолу Эла! Дагаваийтахьа со Хьайна! Цкъа
мукъана а ницкъ лохьа суна сайн ши бIаьрг
бахьана долуш пIелаштамхошна бекхам бан».
29 Катоьхна, дерриг а цIа тIехь а долуш, юккъехь
лаьтташ болу ши бIогIам схьа а лаьцна, аьтту а,
аьрру а куьйгашца и ши бIогIам дIасатеттира цо.
30 Цо элира: «Сан а пIелаштамхошца са долийла!»
Шен ницкъ мел бу дIасатеттира цо и ши бIогIам.
Дерриг а цIа пIелаштамхойн куьйгалхошний, цу
чохь хиллачу адамашний тIедуьйжира. Ша лечу
хенахь Шамшона хIаллакбина болу пIелаштамхой
цо шен дахарехь хIаллакбиначарал а алсам бара.
31 Цуьнан вежарша а, цIийнах мел волчу стага а,
схьа а баьхкина, иза дIаваьхьира. ЦорIаний,
Эштаулний юккъехь, шен ден Манахьан къубба
чохь, дIавоьллира Шамшон. Иза ткъа шарахь
Исраилан мехкан куьйгалхо хилла вара.

## Микин цIуш

17 Эпрайман лаьмнаш долчу махкахь вехаш
Iаш хилла Мика † цIе йолу цхьа стаг. 2 Микас
шен нене элира: «ДагадогIий хьуна хьан
лачкъийна долу цхьа эзар бIе *шекхал* долу дети?
Ахьа суна хьалха сардамаш а кхайкхийра иза
лачкъийначунна. И дети соьгахь ду. Аса
схьаэцнера иза».
Нанас элира: «Везачу Эло декъала войла хьо, сан
кIант!» 3 Микас и дети шен нене дIаделира. Ткъа
нанас элира: «Сан кIант, хьуна тIера хIара дети аса
деккъа цхьана Везачу Элана лору. ЦIу а вай, цунна
тIе дети дилла. ХIинца аса хьуна и дети юхало».
4 Амма Микас дети шен нене юхаделира. Ткъа цо,
ши бIе шекхал дети схьа а эцна, иза дато пхьере
дIаделира. Цу пхьеро цунах тIе дети диллина волу
цIу вира. И цIу Микин цIа чохь дIахIоттийна вара.
5 Микин шен *делан цIа* дара. Цо *ийпад* а, цIуш а
бира. Цул тIаьхьа цо, шен кIенташна юкъара цхьаъ
къобал а вина, цунах *динан да* вира. 6 ††Цу хенахь
исраилхойн паччахь вацара, цундела хIораммо а
шена бакъахьа хеттарг дора.
7 ЯхIуд-махкарчу Байтлахам-гIалахь вехаш Левин
тайпанах волу цхьа жима стаг хилла. Иза цигахь
тIевеана стаг санна Iаш вара. 8 Иза, Байтлахам-
гIалара ара а ваьлла, ша тIекхаьчначохь ваха хаа

† *Мика *– цуьнан юьззина цIе Мика-ЯхIу хилла.** †† *17:6 Куьйгалхой 21:25.*

дагахь лелаш вара. Лелаш, иза Эпрайман
лаьмнашкахь лаьтташ йолчу Микин хIусаме
кхечира. 9 Микас цуьнга хьаьттира: «Хьо мичара
вогIу?»
Жимачу стага жоп делира: «Со ЯхIуд-махкарчу
Байтлахам-гIалара левихо ву. Сайна ваха хаа
меттиг лоьхуш ву со».
10 Микас цуьнга элира: «Со волчохь саца мегар ду
хьуна, суна хьехамча а, динан да а хуьлуш. Аса
хIора шарахь итт шекхал дети а лур ду хьуна, даа-
мала а, тIедуха хIума а латтор ду хьуна».
11 Левихойн жима стаг Мика волчохь саца
резахилира. Иза цунна кIант санна хилла
дIахIоьттира. 12 Микас иза къобалвича, жима стаг
динан да хилла дIахIоьттира. Иза Микин хIусамехь
вехаш а вара. 13 Микас элира: «Суна хIинца хаьа
Веза Эла сайца дика хир вуйла, хIунда аьлча сан
динан да левихойх ву».

### Данахойн тайпано шена латта лахар

18 Цу заманахь исраилхойн паччахь вацара.
Ткъа Данан тIаьхьенах берш шайна даха
ховша меттиг лоьхуш бара. Исраилан халкъах
схьадевлла долу кхидолу тайпанаш, шайн-шайн
латтанаш а долуш, охьахевшинера, ткъа Данан
тIаьхьенах берш шайна билгалдаьккхина латта
доцуш бара. 2 Данан тIаьхьенах болчара шайна
юкъара пхи тоьлла волу къонах вахийтира лаьттах
дерг талла. И пхи стаг ЦорIера а, Эштаулара а вара.
И нах хаьржинера, уьш Данан тайпанах болчеран
массо а гаранашкара болу дела. Цаьрга аьллера:
«Даха а гIой, мохк талла». Эпрайман лаьмнашка а
баьхкина, цара Микин цIа чохь буьйса яьккхира.
3 Микин цIенна уллохь шаьш долчу хенахь, цуьнан
къамелах къона левихо кхузара воцийла хиира
царна. ЦIа чу а баьхкина, цара хеттарш дора: «Хьо
кхуза хьан валийна? Хьо кхузахь хIун деш ву?»
4 Жимачу стага цаьрга дIадийцира Микас ша йолах
тIелаьцна хиларх а, иштта ша иза волчохь *динан
да* хилар а.
5 Цара цуьнга элира: «Деле хаттар дехьа, оха
схьалаьцна болу некъ беркате хир буй те алий».
6 Динан дас жоп делира царна: «Маьрша дIагIо,
Везачу Эло, шун некъан тергам а беш, шу
Iалашдийр ду».
7 И пхи стаг дIавахара. Лаиш-гIала кхечира уьш.
Цигахь маьрша дехаш долу адам гира царна.
Церан дахар, цIаданхойн ма-хиллара, тийна а,
маьрша а дара. Царна гIело еш мостагIий а бацара.
Уьш ЦIадан-гIалина генахь бехаш бара, цхьаьнцца
а † лелош юкъаметтиг а йоцуш. 8 И вахийтина волу
пхи стаг ЦорIа а, Эштаула а юхавирзича,
гергарчара цаьрга хаьттира: «ХIун хии шуна?»
9 Цара жоп делира: «Тхуна чIогIа дика латта
карийна. Хан ма ялийта! ТIе а латий, и латта
цаьргара схьадаккха! 10 Цига дIакхаьчча, шуна гур
ду, и мел доккха латта ду. Оьшуш мел дерг шортта
хуьлу цу махкахь, цигара халкъ, цхьа а стаг шайна
тIелетар ву аьлла, дагадогIуш а дац. Дала вайн кара
схьалуш ду и латта».
11 ЦорIара а, Эштаулара а Данан тайпанах волу
ялх бIе стаг новкъа велира. Уьш тIамана кийча
бара. 12 Лаиш-гIала боьдучу новкъахь совца а
севцина, ЯхIуд-махкарчу Кхиръят-ЯIаримехь шайн
*меттамотт* дIахIоттийра цара. Цундела Кхиръят-
ЯIаримана малхбузехьа йолчу цу меттигах хIинца а
Махьаней-Дан олу (иза «Данан меттамотт» бохург
ду). 13 Цигара арабевлла уьш Эпрайман
лаьмнашкахь долчу Микин цIийне кхечира.
14 Лаишан латта талла вахана хиллачу пхеаммо
шайн гергарчаьрга элира: «Цигахь долчу цхьана
цIенна чохь еза *ийпад* ю. Цигахь кхиболу цIуш а,
тIе дети диллина волу цIу а ву. Ойла е, хIун дан
деза». 15 Къона левихо чохь Iаш волчу Микин цIа чу
а бахана, цуьнга маршалла хаьттира цара. 16 Ткъа
Данан тIаьхьенах волу ялх бIе стаг тIамана кийчча
кевнна уллохь лаьтташ вара. 17 Латта талла
вахийтина волчу пхеа стага, цIенна чу а вахана,
дечиган цIу а, ийпад а, кхиболу цIуш а, детих вина
волу цIу а схьа а эцна, уьш чуьра арабехира. Ткъа
динан да кевнехь цу ялх бIе тIемалочуьнца
лаьтташ вара.
18 ЦIа чу а бахана, цара ийпад а, цIуш а, детих
вина волу цIу а схьаэцча, динан дас цаьрга
хаьттира: «Шу хIун деш ду?»
19 Цара цуьнга элира: «Вист ма хила. Хьайн куьг
бета тIе а диллий, тхуна тIаьхьахIотта. Тхо долчохь
тхан хьехамча а, динан да а хир ву хьо. Цхьана
стеган динан да хуьлучул, Исраилан халкъан
цхьана гаранан я тайпанан динан да хилар гIоле
дац хьуна?» 20 И дешнаш къоначу левихочунна
чIогIа дезаделира. Иза, ийпад а, цIуш а, дато цIу а
схьа а эцна, Данан тIаьхьенах болчу нахана
тIаьхьахIоьттира.
21 Шайн новкъа юзабирзира уьш. Цара шайна
хьалха дIадохуьйтуш шайн бераш а, бежанаш а,
бахам а бара. 22 Уьш новкъа бевллачул тIаьхьа,
Микин лулахой, вовшах а кхетта, данхошна тIаьхьа
а бевлла, царна тIекхечира. 23 Цара Данан
тIаьхьенах болчаьрга мохь беттара. Вукхара, юха а
бирзина, Микига хаьттира: «ХIун хилла? Нах стенна
схьакхайкхина ахьа?»
24 Микас цаьрга элира: «Аша ас сайна бина болу
цIуш соьгара дIабаьхна. Аша иштта сан динан да а
дIавигна. Суна диснарг хIун ду? Стенна хоьтту аша:
„ХIун хилла?“ – бохуш?»
25 Данан тIаьхьенах болчара цуьнга элира: «Тхуна
хьайн аз ма хазийталахь, оьгIазбахана нах шайна
тIе ца латийта. ТIаккха ахьа хьо а, хьайн доьзал а
хIаллакбойтур бара». 26 Данан цIийнах болу нах
шайн новкъахула дIабахара. Ткъа уьш шел тоьлур
буйла хууш волу Мика шен цIа юхавирзира.
27 Данхоша иштта схьадаьккхира Микас шена мел
динарг. Цуьнан динан да а шайца дIавигира цара.
Уьш, Лаиш-гIала дIа а бахана, цигахь маьрша

† *Цхьаьнцца а *– я иштта: *Арамца.*

бехаш Iаш болчу нахана тIелетира. Адам шайн
таррашца цистира цара, ткъа гIала цIарца ягийра.
28 Царна орцахвала стаг вацара, хIунда аьлча
ЦIадан-гIала царна генахь яра, кхиболчаьрца цара
юкъаметтиг а ца лелайора. Лаиш-гIала Байт-
Рахьубана уллохь йолчу тогIи чохь яьтташ яра.
Йохийна гIала яьттинчу меттехь данхоша керла
гIала а йиллина, уьш цигахь баха хевшира. 29 Цара
цунна, Дан-гIала аьлла, керла цIе а тиллира. И цIе
шайн дайх хилла волчу Исраилан кIентан Данан
цIе бахьана долуш тиллина хилла цара. Ткъа цу
гIалин хьалхалера цIе Лаиш хилла. 30 Данхоша
шайн гIалахь дато цIу дIахIиттийна хилла. Шайн
динан да вина дIахIоттийна хилла цара Мусан
кIентан ГIиршаман кIант ЯхIуната. ЯхIуната а,
цуьнан кIентий а Исраилан махкахь динан дай
хилла лаьттина, цигара дерриг а Исраилан къам,
йийсаре а лаьцна, дIадиггалц. 31 Данан тайпа
Микас бинчу цIунна корта бетташ лелла, *Делан цIа*
Шилунехь мел лаьтта.

### Левихо а, цуьнан гIарбаш-зуда а

19 Исраилхойн паччахь воцучу хенахь
Эпрайман лаьмнашкахь цхьана юьстахчу
меттехь вехаш Iаш хилла левихойн тайпанах волу
цхьа стаг. Цуьнан, ша ЯхIуд-махкарчу Байтлахам-
гIалара а йолуш, цхьа *гIарбаш-зуда* хилла. 2 Цуьнца
дов а даьлла, иза ЯхIуд-махкарчу Байтлахам-
гIалахь Iаш волчу шен ден цIа яхана хилла. Цигахь
цо биъ бутт баьккхина хилла. 3 Цуьнан майра,
хьала а гIаьттина, цунна тIаьхьавахана. Иза цига
вахаран Iалашо, цуьнца доггах къамел а дина, иза
ша волчу юхаерзор хилла. Ша цига воьдуш, цо
шеца шен ялхо а, ши вир а йигна хилла. Цуьнан
гIарбаш-зудчо иза шен да волчу чувигна. Къоначу
зудчун дас, иза шена гича, чIогIа хазахетта, цунна
дуьхьал а веана, даггара цуьнга маршалла
хаьттира. 4 Цуьнан стундена чIогIа лаьара иза
цигахь сацо. Кхаа дийнахь дууш-молуш, буьйсанаш
а йохуш, цигахь Iийна иза. 5 ДоьалгIачу дийнахь
Iуьйранна, хьалххехь хьала а гIаьттина, шен цIа
ваха тохавелла левихо. Амма зудчун дас цуьнга
элира: «Цкъа хIума кхаьллича, гIолехь ду хьуна.
Цул тIаьхьа дIагIур ду шу».
6 Левихо тIаьхьа а сецна, и шиъ дууш, молуш
Iийра. Къоначу зудчун дас цу стаге элира: «Хьайн
самукъа а доккхуш, кхин а цхьа буьйса яккха».
7 ДIаваха кечвелла волу левихо стундас, дехар а
дина, сацийра. Иза кхин а цхьа буьйса йоккхуш
Iийра. 8 ПхоьалгIачу дийнахь иза, Iуьйранна хьала
а гIаьттина, дIаваха кечвелира. Къоначу зудчун дас
юха а элира: «Яа хIума а яий, меттавола. Де делкъе
даьлча, дIагIур ву хьо». И шиъ юха а дууш, молуш
Iийра.
9 Левихо а, цуьнан гIарбаш-зуда а, ялхо а дIадаха
дагахь хьалагIаьттира. Амма стундас юха а элира:
«Вайна суьйре тIейогIуш ю. Тховса кхузахь буьйса
яккха, хьайна са а къера. Ткъа кхана, хьалххехь
хьала а гIевттина, шайн цIа гIур ду шу».
10 Амма левихо кхин цхьа буьйса яккха реза ца
хилира. Иза, хьала а гIаьттина, новкъа велира.
Цуьнца цхьаьна тIейоьттина хIума а йолуш ши вир
а, цуьнан гIарбаш-зуда а яра. Уьш Явсай-гIала
схьакхечира (хIинца цу гIалин цIе Ярушалайм ю).
11 Уьш цу гIала схьакхаьчча, де суьйренга
даьллера. Ялхочо левихочуьнга элира: «Явсайхойн
гIали чу а дахана, цигахь буьйса яккхийта вайга».
12 Амма левихочо жоп делира: «Исраилхойх боцу
нах бехаш йолчу гIали чу а ца доьлхуш, ГебаI-гIала
дIагIур ду вай». 13 Цо шен ялхочуьнга элира: «Я
ГебаI-гIала, я Раме дIакхача хьовсур ду вай. Цигахь
цхьанхьа буьйса йоккхур ю вай». 14 Уьш новкъа
бевлира. Бен-Яманан ГебаI-гIала уьш схьакхаьчча,
малх чубузуш бара. 15 Кхузахь буьйса яккха сацам
бира цара. ГIалин майдана а баьхкина,
охьахевшира уьш, амма цаьрга цхьаммо а шайгахь
буьйса яккхийта дIа ца кхойкхура.
16 Шен кха тIера цIа вогIуш цхьа воккха стаг вара.
Иза ша Эпрайман лаьмнашкахь вина хилла, амма
хIинца ГебаI-гIалахь вехаш хилла. Ткъа кхузахь
бехаш болу нах Бен-Яманан тайпанах схьабевлла
хилла. 17 Шена гIалин майданахь левихо гича, цо
хаьттира: «Стенгара вогIуш ву хьо? Стенга ваха
ваьлла хьо?»
18 Левихочо цуьнга элира: «ЯхIуд-махкарчу
Байтлахам-гIалара схьадогIуш ду тхо, Эпрайман
лаьмнашкахь тхаьш дехаш долчу юьстахчу метте
дIадоьлхуш а ду. Тхо хIинца цIа догIуш ду †. Амма
цхьаммо а буьйса яккха чу ца кхайкхина тхоьга.
19 Тхоьгахь ча а ду, варрашна яа хIума а ю, иштта
бепиг а, чагIар а ду суна а, соьца йолчу зудчунна а,
сан ялхочунна а даа. Тхуна хIумма а ца оьшу».
20 Воккхачу стага элира: «Са ма гатде. Шуна
оьшург аса хуьлуьйтур ду, амма майданахь буьйса
ма яккха». 21 Левихо а, цуьнца берш а шен цIа чу а
бигна, церан варрашна яа хIума елира цо. Шайн
когаш а билина, уьш хIума яа охьахевшира.
22 ††Левихо а, цуьнца берш а шайна яа хIума а
юуш, садоIуш болчу хенахь, цу гIалара болчу
телхинчу наха воккхачу стеган цIенна го а бина,
неI а етташ, мохь а бетташ, бохура: «Хьо волчу
веана волу стаг араваккха, тхуна цунах зуда ян
лаьа».
23 ХIусамдас, ара а ваьлла, цаьрга элира: «Сан
вежарий, ма дахьара аша и зулам! И стаг сан хьаша
ву. Ма дахьара аша цу тайпана долу сонта хIума.
24 Хьажал, сан йоI а ю шуна, цу стеган гIарбаш-зуда
а ю шуна. Аса и шиъ арайоккхур ю шуна, цаьрца
шайна луъург де. Амма цу стагаца ма леладахьара
аша и сонта хIума». 25 Амма царна воккхачу стаге
ладогIа ца лаьара. ТIаккха левихочо шен гIарбаш-
зуда уьш болчу араяьккхира. Цара иза сахиллалц
хьийзийра, ткъа сахуьлучу хенахь дIахийцира.

† *ЦIа догIуш ду *– Iебархойн маттахь: *Везачу Элан цIа догIуш ду.** †† *19:22-24 Доладалар 19:5-8.*

26 Иза, садаьржачу хенахь схьа а еана, шен майра
чохь волчу цІийнан неІсагІина хьалха
охьаюьйжира. Іуьйре тІекхаччалц Іиллира иза
цигахь. 27 Іуьйранна левихочо, хьала а гІаьттина,
цІийнан неІарш дІайиллира. ЦІа ваха дагахь
аравелира иза. Эццахь цунна шен гІарбаш-зуда
гира. Иза неІарехь Іуьллуш яра, ткъа цуьнан
куьйгаш неІсагІина тІехь дара. 28 Левихочо цуьнга
элира: «ХьалагІатта, дІагІо вай!» Амма зудчо цунна
жоп ца делира. Иза еллера. Левихо, шен гІарбаш-
зуда вирана тІе а йиллина, цІа вахара. 29 †ЦІа
веанчул тІаьхьа, урс схьа а эцна, цо иза, шийтта
дакъа доккхуш, йийкъира. И дакъош цо Исраилан
массо а маьІІе дІасадахьийтира. 30 И хІума
гиначара бохура: «И санна дерг тхуна гина дац,
Мисар-махкара арадевллачу хенахь дуьйна хІара
хан тІекхаччалц. Цу хІуманна тІе тидам а бахийтий,
шайна юкъахь дага а довлий, хІун дан деза ала».

### Исраилхошна а, бен-яманхошна а юкъахь тІом балар

20 Исраилхой схьагулбелира Везачу Элана
хьалха МицІпа-гІалахь. Дан-гІалара дуьйна
Беар-ШабаІе кхаччалц болчу берриг а Исраилан
махкара схьагулделлера адам. ГалІадара Исраилан
халкъ а деанера кхуза. 2 Массо а Исраилан халкъах
долчу тайпанан куьйгалхой а баьхкинера Далла
хьалха вовшахкхетачу метте. Виъ бІе эзар карахь
тур лелош волу тІемало схьагулвеллера кхузахь.
3 Бен-яманхошна дІахиира исраилхой МицІпахь
схьагулбеллийла.
Исраилхоша хаьттира: «Схьадийца, муха хилира
и вон хІума?» 4 Йийна йолчу зудчун майрачо
цаьрга дийцира: «Со сайн *гІарбаш-зудчуьнца* Бен-
Яманан ГебаІ-гІала веара, цигахь буьйса яккха
дагахь. 5 Амма буьйсанна ГебаІ-гІалин бахархоша
тхо буьйса яккха сецна долчу цІенна го бира, со
вен дагахь. Цара сан *гІарбаш-зуда* хьийзийра. И
хІума бахьана долуш иза елира. 6 Аса, иза екъа а
екъна, дакъош Исраилан халкъ дехаш долчу массо
а маьІІе дІасадахьийтира, Бен-Яманан тІаьхьено и
инзаре а, сийсаза а гІуллакх Исраилан махкахь
дина дела. 7 ХІинца аша, исраилхой, шайна юкъахь
барт а бай, ала, оха хІун дан деза?»
8 Дерриг а халкъо, цхьаъ санна хьала а гІаьттина,
элира: «Вайх цхьа а шен четар долчу гІур вац. Вайх
волу цхьа а стаг шен цІа юхавоьрзур вац. 9 Вай
хІинца хІара дийр ду ГебаІ-гІалина: кхаж а тесна,
цуьнца тІом бан гІур ду. 10 Исраилан тайпанех
волчу итт стагана юкъара цхьаъ схьа а хаьржина,
тІелата боьлхучарна сурсат дан деза. Вуккхара, Бен-
Яманан ГебаІ-гІала а кхаьчна, исраилхошна юкъахь
бехаш болчу цигарчу нахана таІзар дан деза, и
боьха хІума цара шайгара далийтарна». 11 Массо а
исраилхо, цхьаъ санна, цхьаьнакхийтира цу
гІалина дуьхьалвала.
12 Цара Исраилан халкъера Бен-Яманан тайпане
хабар эцна стаг вахийтира. И хабар иштта дара:
«Ма боьха хІума ду шух болчу наха динарг!
13 Схьало тхан кара ГебаІ-гІалара болу и боьха нах.
Оха, уьш байа а байина, Исраилан махкара вон
дІадоккхур ду». Амма Бен-Яманан тІаьхьенах
болчарна ца лиира Исраилан халкъах болчу шайн
вежаршка ладогІа. 14 Шайн гІаланаш а йитина, Бен-
Яманан тІаьхьенах болу нах ГебаІ-гІала
схьагулбелира, исраилхошца тІом бан дагахь. 15 Цу
дийнахь ткъе ялх эзар Бен-Яманан тІаьхьенах тур
лелош волу тІемало, вовшах а тоьхна, тІамана
кечвира. Кхин а ГебаІ-гІалара ворхІ бІе тур лелош
волу тІемало а вара цаьрца. 16 Дерриг а эскарна
юкъара ворхІ бІе стаг къаьсттина дика тІемало
вара. Уьш массо а гезолгаш бара. Цара
ширдолагца тІулг кхуссучу хенахь, тай тоьхча
санна, нийса кхуссура. 17 Бен-яманхой боцурш,
исраилхойн виъ бІе эзар тур лелош волу тІемало
схьагулвеллера. Уьш массо а тІамана кийча а бара.
18 Исраилан тайпанех болчара, Бетала а бахана,
Деле хаьттира: «Тхох хьалха мила вала веза бен-
яманхошца тІом бан доьлхучу хенахь?»
Везачу Эло жоп делира: «ЯхІудан тайпанах берш
хила беза хьалхабевлла».
19 Цу Іуьйранна исраилхоша шайн *меттамотт*
дІахІоттийра ГебаІ-гІалина генахь доццуш.
20 Исраилхой бен-яманхошца тІамана кечбелира.
Уьш ГебаІ-гІалина уллохь тІамана нисбелла
дІахІиттира. 21 ГебаІ-гІалара ара а бевлла, бен-
яманхоша цу дийнахь ткъе шиъ эзар исраилхо,
вийна, лаьтта охьавиллира. 22 Амма Исраилан
эскар, къар ца луш, юха а ша хьалхарчу дийнахь
лаьттинчу метте тІамана кечделла дІахІоьттира.
23 ХІунда аьлча хьалхарчу дийнахь исраилхой
боьлхуш хилла Везачу Элана хьалха. Цара Цуьнга
хоьттура: «Тхо кхин а цкъа лата дезий тхан
вежарий болчу бен-яманхошца?»
Везачу Эло жоп деллера: «Даха а гІой, тІом бе
цаьрца».
24 Исраилхойн эскар шолгІачу дийнахь юха а
тІегІоьртира бен-яманхойн эскарна. 25 Бен-
яманхойн эскаро, юха а ГебаІ-гІалара ара а даьлла,
исраилхойн берхІитта эзар тур лелош волу тІемало,
вийна, охьавиллира. 26 ТІаккха Исраилан эскарара
дерриг а халкъ, Бетала а деана, дилхира. Цу
дийнахь суьйре тІекхаччалц яа хІума ца йиира
цара. Дийнаташ дагоран сагІанаш а, бертан
сагІанаш а дохура цара Везачу Элана хьалха. 27 Цу
хенахь Делан деза тІорказ цигахь хилла. АхІаронан
кІант волчу ЭлиІазаран кІанта Пайнехьас Везачу
Элана хьалха гІуллакх дора цигахь. Исраилан
эскаро Везачу Эле хаьттира: «Бен-яманхой тхан
гергара нах бу. Кхин цкъа а царна тІамца дуьхьал
довла дезий тхо?»
Везачу Эло жоп делира: «Деза. Аса кхана уьш шун
кара дІалур бу».

† *19:29 Шамъал 11:7.*

29 Исраилхой ГебаI-гIалина гонах кIело йина
дIахIиттира. 30 Церан эскар кхозлагIчу дийнахь,
хьалха санна, ГебаI-гIалахь бен-яманхошца тIом
бан кийчча дIахIоьттира. 31 Бен-яманхойн эскар,
гIалара ара а даьлла, исраилхошна дуьхьал
делира. Исраилхой юхабевлча, бен-яманхой царна
тIаьхьабевлира. Исраилхоша иштта бен-яманхойн
эскар гIалина гена даьккхира. Уьш, хьалха санна,
исраилхой хIаллакбан буьйлабелира. Цара иштта
ткъе итт стаг вийра. Цхьаберш аренгахь байира,
вуьйш Бетал-гIала а, ГебаI-гIала а боьдучу
новкъахь байира. 32 Бен-яманхоша элира: «Уьш
вайна хьалха, хьалха санна, охьаэгаш бу».
Ткъа исраилхоша элира: «ДIа а девдда, вай уьш
гIалина гена баха беза, некъаш долчу агIор дIа а
берзош». 33 Исраилхойн эскаран коьрта дакъа, дIа а
дедда, БаIал-Тамарехь дIахIоьттира. Ткъа кIело а
йина Iаш болу исраилхой ГибаI-гIалина
малхбузехьа йолчу агIонгахьара чугIоьртира. 34 Итт
эзар тоьлла волу тIемало вара ГебаI-гIалина
тIелеттачу тобанна юкъахь. ТIом чIогIа луьра бара.
Бен-яманхошна ца хаьара, шайна тIедогIуш дерг
доккха вон дуйла. 35 Везачу Эло эшадайтира
исраилхошка бен-яманхойн эскар. Цу дийнахь
исраилхоша бен-яманхойн эскарх вийнарг ткъе
пхиъ эзар бIе стаг вара. Уьш массо а тур лелош
болу эскархой бара. 36 Бен-яманхошна хиира, шаьш
эшийнийла. Исраилхойн эскар юхадаьллера,
хIунда аьлча уьш ГебаI-гIалина уллохь
мостагIчунна кIело йина болу шайн эскархой
тIелатаре сатуьйсуш хилла. 37 КIело йина Iаш
болчара, цIеххьана ГебаIа чу а бахана, цу гIалара
мел волу вахархо шайн таррашца вийнера. 38 КIело
йина Iаш болчаьрца исраилхойн коьртачу декъо
бина барт хилла: цара гIалара хьалабоьдучу
кIуьраца хаам бан безара. 39 Исраилхой тIом болчу
меттера юхабевлча, бен-яманхоша ткъе итт стаг
вийра. Цара бохура: «Юха а, хьалха санна, тхуна
хьалхахь охьаоьгуш бу уьш». 40 Эццахь гIалара кIур
ирхъэха болабелира. Бен-яманхой юхахьаьжча,
царна гира цIе яьлла йогуш йолу ерриг а гIала.
41 Исраилхой, юхабуьйлучуьра совца а севцина,
шайн мостагIех лата буьйлабелира. Ткъа бен-
яманхой, шайна тIехIоьттинарг гича, кхерабелира.
42 Уьш исраилхойн эскарх бевдда аренгахула
дIабоьлхуш бара, амма церан кIелхьарбовла
меттиг яцара. Исраилхоша уьш, шайн
гIаланашкара ара а бохуш, бойура. 43 Бен-
яманхошна го а бина, исраилхоша уьш Нухьера
дуьйна ГебаI-гIалин малхбалехьа йолчу агIонга
кхаччалц лаьхкина дIабигира. 44 Бен-яманхойн
эскарх волу берхIитта эзар тоьлла волу тIемало
вийра цу дийнахь исраилхоша. 45 ТIаьхьабиснарш,
бевдда, яьссачу аренга, Римун цIе йолчу тархана
улло, дIабахара. Цу новкъахула уьш бевдда
дIабоьлхучу хенахь исраилхоша кхин а пхи эзар
стаг вийра. Царна тIаьхьабевллачуьра ца совцуш,
уьш ГадIама кхаччалц дIабахара. Цига дIакхачале,
кхин а ши эзар стаг вийра цара. 46 Цу дийнахь
верриг а вийнарг ткъе пхиъ эзар тур лелош волу
тоьлла бен-яманхо вара.
47 Ялх бIе бен-яманхо, ведда, Римун олучу тархана
уллохь йолчу яьссачу аренга дIа а вахана, цигахь
беа баттахь Iийра. 48 Ткъа исраилхой бен-яманхойн
лаьтте юхабирзира. Цигара нах а, церан бежанаш а
дойуш, шайн караеана йолу хIума а йохош, церан
массо а гIаланаш ягош хIаллакйира.

### Бен-яманхошна зударий балор

21 Исраилхоша МицIпахь чIагIо йина хилла
шайн зудабераш бен-яманхошка маре ца
дахийта. 2 Дерриг а халкъ, Бетал-гIала а деана,
Далла хьалхахь сарралц чIогIа доьлхуш Iаш дара.
3 Цара Деле элира: «Исраилан халкъан Веза Дела!
ХIунда хилла иза исраилхошна? ХIунда довш ду
исраилхойн цхьа тайпа?»
4 ШолгIачу дийнахь адам, Iуьйранна хьалххехь
хьала а гIаьттина, сагIа доккху меттиг кечъян
дIахIоьттира. Цара Везачу Элана дийнаташ дагоран
а, бертан а сагIанаш дохура. 5 Цул тIаьхьа Исраилан
халкъо хьаттира: «Исраилхойн тайпанах болчарах
мила ву хIокху гуламе Везачу Элана хьалха ваза
виснарг?» Цара иза хоьттура, хIунда аьлча доккха
неIалт дара царна аьлла. Везачу Элана хьалха
МицIпе ваза виснарг вуьйр ву аьлла, йина чIагIо а
яра. 6 Исраилан халкъо къинхетам бира шайн
вежарий болчу бен-яманхойх. Цара элира: «Тахана
исраилхойн цхьа тайпа дайна лара мегар ду. 7 Оха
Везачу Элана хьалха йина чIагIо ю, исраилхойн
зудабераш бен-яманхошка маре дохуьйтур дац
аьлла. Бисинчарна зударий мичара балор бу вай?»
8 Цундела исраилхоша хьаттинера: «Исраилан
тайпанех волу цхьа а стаг вуй Везачу Элана хьалха
МицIпахь гуламе ваза висина?» Цигахь царна
хиира, ГалIадарчу Явешера цхьа а стаг Везачу
Элана хьалха гуламе веана цахилар. 9 ХIора стаге
хьожуш, чекхбевлира уьш. Царна ГалIадарчу
Явешера цхьа а стаг цу гуламе веана цахилар
гучуделира. 10 Исраилан гуламо цига шийтта эзар
тоьлла стаг вахийтира, царна тIе а дуьллуш:
«ГалIадарчу Явеше а гIой, тарраш детташ, цигахь
волу массо а стаг, вей, охьавилла, я зударий а, я
бераш а ца къестош. 11 Кхин цхьа хIума а тIедуьллу
оха шуна: хIора майрачуьнца Iийна йолу зуда а,
зудчуьнца Iийна волу боьрша стаг а вийна
дIаваккха. Амма йоIстагалла дохоза долу
зудабераш дийна дита †». 12 ГалIадарчу Явешехь
царна йиъ бIе йоIстаг карийра. Уьш цара
канаIанхойн лаьттахь йолчу Шилунан меттаматте
схьабалийра.
13 Цул тIаьхьа исраилхоша шайн геланчаш
бахийтира Римун цIе йолу *тарх* йолчу гулбеллачу
бен-яманхошна тIе машар дIакхайкхо. 14 ТIаккха
бен-яманхой шайн махка юхабирзира. ГалIадарчу

† *Амма йоIстагалла дохоза долу зудабераш дийна дита *–
иштта грекийн маттахь долчу гочдарехь ду.**

Явешера дийна дитина долу зудабераш цаьрга
маре дIаделира. Амма царна массарна а зударий
ца тоьира.
[15] Исраилан халкъ къинхетам беш хилла бен-
яманхойх, хIунда аьлча уьш Везачу Эло
дIакъастийна хилла исраилхойн кхечу тайпанех.
[16] Исраилхойн къаноша элира: «Бен-яманхойн
зударий байина. Вай хIун дан деза зуда ца кхочуш
бисина болчу божаршна? [17] Бисина болчу
божарийн бераш хила деза, исраилхойн цхьа
тайпа дуьнен чуьра дIа ца далийта. [18] Амма вай
вешан зудабераш цаьрга маре дахийта йиш йолуш
дац. Уьш цаьрга ца бахийта вай йина чIагIо ю».
[19] ТIаккха цара элира: «ХIора шарахь Шилун-
гIалахь хуьлуш Везачу Элана лерина деза де ду».
(Шилун-гIала Бетал-гIалина къилбаседехьа а,
Бетал-гIалара Шехеме боьдучу некъана
малхбалехьа а, иштта Либуна-гIалина къилбехьа а
лаьтташ ю.) [20] Къаноша бен-яманхошка элира:
«Даха а гIой, кемсийн бошмашкахь дIаловчкъа.
[21] ТIаккха тидам бе! Зудабераш халхарш дан
арадевлча, кемсийн бошмашкара ара а довлий,
хIораммо а шайна, катохий, шилунхойн йоI схьа а
эций, бен-яманхойн лаьтта юхадерза. [22] Церан дай
а, вежарий а тхо долчу арз дахьаш багIахь, оха
цаьрга эр ду: „Тхан дуьхьа къинтIера довла бен-
яманхошна, хIунда аьлча тIамехь вай схьа ца
лецира царна хIоранна зуда. Шайн чIагIо йоха а ца
еш, зудабераш дIа ца даларна шу бехке дац“».
[23] Бен-яманхоша, шайга ма-аллара, халхадуьйлуш
хиллачу зудаберашна юкъара цхьацца йоI
дIайигира. Уьш, шайн лаьтта тIе дIа а бигна, шайна
маре балийра цара. ГIаланаш юха метта а
хIиттийна, уьш баха хевшира. [24] Исраилан халкъ
цигара хIора шайн тайпанашка а, шайн гаранашка
а, шайн доьзалан лаьтта тIе а дIасадекъаделира.
[25] †Цу хенахь исраилхойн паччахь вацара,
цундела хIораммо а шена бакъахьа хеттарг дора.

† *21:25 Куьйгалхой 17:6.*

# Рути

### Дешхьалхе

лаьцна машаре дийцар Исраил-махкахь урхалла дечу заманахь кхолладелла ду. Муабахо йолу Рути исраилхочуьнга маре йоьду. Майра велча, Рутис шен марнене болу къаьсттина боккха ларам а, исраилхойн Делах долу кlорггера тешар а гойту. Шен майрачун гергарчу нахана юкъара шена маре яха стаг караво цунна. И маре бахьана долуш Исраилан халкъан уггар сийлахьчу паччахьан Даудан дайн нана хуьлу цунах.
долчу дийцар тlехь Делах дlабирзинчу нахана хиллачу вочу балхах лаьцна дуьйцу, ткъа лаьцначу дийцар тlехь, шен дин а хийцина, исраилхойн Далла тlе йирзинчу хийрачу махкарчу зудчун декъалхиларх лаьцна дуьйцу. Далла тешаме хиллачу халкъах дlакхетта Рути.

### НуIмат а, Рути а.

1 Мехкан куьйгалхоша Исраил-махкахь урхалла
дечу заманчохь лаьтта тlехь мацалла
хIоьттинера. ТIаккха цхьа стаг ЯхIуд-махкара
Байтлахам-гIалара шен зудчуьнца а, шина кIантаца
а Муаби-аренашка хан яккха вахара. 2 Оцу стеган
цIе Элималик яра, цуьнан зудчун цIе НуIмат яра,
ткъа шина кIентан цIераш Махьлан а, Халин а яра.
Уьш ЯхIуд-махкара Байтлахам-гIалара эпратхой
бара. Муаби-аренашка а баьхкина, цигахь баха
хевшира уьш. 3 НуIматан цIийнда Элималик
дIаккхелхира, ткъа иза шен шина кIантаца йисира.
4 Цу шина кIанта шаьшшинна Муаби-махкара
зударий балийра: цхьаьннан цIе Iарипат яра, ткъа
вукхуьнан цIе Рути яра. Цигахь иттех шарахь
бехаш Iийра уьш. 5 Цул тIаьхьа цуьнан ший а кIант,
Махьлан а, Халин а, дIаккхелхира. ТIаккха шен шина
кIантах а, цIийндех а яьлла, и зуда ша йисира.
6 Муаби-махкахь йолуш НуIматана хезира, Далла,
Шен халкъана дика дан а лиъна, цунна рицкъа
делла аьлла. Шена и хезча, НуIмат Муаби-махкара
шен цIа юхаерза кечъелира. 7 Шен шина несаца ша
яьхначу меттера араелира иза. ЯхIуд-махка шаьш
юхадоьрзучу хенахь 8 шен шина несе НуIмата
элира: «Яло, юхаерза ший а шайн ненан цIа. Везачу
Эло диканиг дойла шуна, аша а шайн беллачарна
а, суна а дина дика санна! 9 Везачу Эло хIоранна а
хIусам нисйойла шуна шайн цIийндайшца ирсе
даха!» Царна шинна а барт баькхира НуIмата.
Ткъа уьш шийлачу маьхьарца белха хIиттира.
10 ТIаккха цара элира: «ХIан-хIа, тхо хьоьца хьан
махка а доьрзур ду, хьан халкъана тIе а гIур ду».
11 Амма НуIмата цаьрга элира: «Юхаерза, сан ши
йоI! ХIун дийр ду аш шиммо соьца еана? Хир буй-те
шуна кхин а сан кийрара бевлла кIентий, шуна
майранаш хила? 12 Юхаерза, дIагIо, сан ши йоI! Со
къанъелла хIинца маре яха. Нагахь санна хилча а
сан тешам, ас тховссехь майрачуьнца а Iийна,
кIентий бича а, 13 хир юй-те шун йиш уьш кхиаре
хьежа? Йиш юй-те шун, маре а ца йоьдуш, хан
ялийта? Яц, сан йоIарий! Со чIогIа гIайгIанехь ю
шуна. Везачу Эло шен кхел йина суна».
14 Ши нус маьхьарца юха а елха хIоьттира. ТIаккха
Iарипат, шен марнанна барт а баьккхина, цунах
дIакъаьстира, ткъа Рути шен марненаца йисира.
15 НуIмата Рутига элира: «Хьажал, хьан кхин
юхайирзи шен нахана тIе а, шен деланашна тIе а.
Хьайн кхинна тIаьххье дIагIо хьо а».
16 Амма Рутис жоп делира:
«Ма гIертахьа со нуьцкъах хьайх къасто.
Хьо йоьдучу со а гIур ю.
Хьо ехар йоллучохь со а ехар ю.
Хьан халкъ а сан халкъ хир ду.
Хьан Дела а сан Дела хир ву.
17 Хьо лийр йоллучохь со а лийр ю,
циггахь дIа а юллур ю.
Везачу Эло Шен лааме хьаьжжина луьра таIзар
дойла суна, Iожалло бен со хьох къастор яц».
18 Цо йина чIагIо шена гича, НуIмат и бертаяло
гIертачуьра сецира. 19 И шиъ Байтлахаме
дIакхаччалц дIаихира. ХIорш Байтлахаме баьхкича,
массо а адам тIедеара царна. «НуIмат яц хIара?» –
бохура зударша.
20 НуIмата цаьрга элира: «Ма алийша сох НуIмат
(„мерзаниг“), алийша сох Марет („къаьхьаниг“).
Нуьцкъалчо белла суна хIара беза бала. 21 Кхузара
араялале рицкъа а долуш яра со, ткъа Везачу Эло
со яьсса юхаялийна. „Мерзаниг“ хIунда олу сох,
Везачу Эло соьга бала хьегийтина хилча,
Нуьцкъалчу Дала суна вон болх бича?»

22 Иштта НуІмат а, цуьнца Муаби-аренашкара
еана, муабахо йолу цуьнан нус Рути а мукх хьакха
болочу хенахь Байтлахаме кхечира.

### Рутин а, БоІазан а довзар

2 НуІматан цІийнден Элималикан тайпанара а
волуш, БоІаз цІе йолуш цхьа гергара стаг вара
цигахь вехаш. Иза хьал долуш а, нахана вевзаш а
вара. 2 †Муабахочо Рутис элира НуІмате: «Со кха тІе
гІур ю, дисина мекхан кенаш лехьо. Со декъала
йийр йоллучун декъа тІехь лехьор ду ас кенаш».
НуІмата жоп делира: «Дика ду, сан йоІ».
3 Кха тІе а яхана, маьрсхошна тІаьхьара мекхан
кенаш лехьийра Рутис. Ткъа и дакъа Элималикан
тайпанара волчу БоІазан долахь долуш
нисделлера. 4 Оцу хенахь БоІаз Байтлахамера кха
тІе веара. Иза маьрсахошка вистхилира: «Везачу
Эло гІо дойла шуна!» – аьлла.
«Везачу Эло декъала войла хьо а!» – аьлла,
дуьхьал бистхилира вуьш.
5 ТІаккха БоІаза маьрсхошна тІехІоттийна волчу
шен ялхочуьнга хаьттира: «И жима зуда хьенан ю?»
– аьлла.
6 Маьрсхошна тІехІоттийна волчу ялхочо, жоп
луш, элира: «ХІара жима зуда муабахо ю, НуІматца
Муаби-махкара еана йолу. 7 ХІокхо дехнера тхоьга,
цІевнашна юккъехула маьрсхоша дитина мекхан
кенаш лехьадайтахьара шега аьлла ††. Са
тесначхьана еана, хІинццалц кхузахь ю хІара. Кху
тхов кІел хІинцца бен ца еана хІара».
8 БоІаза элира Рутига: «ЛадогІал, сан йоІ! Кхечу
нехан декъа тІе кенаш лехьо а ма гІо, кхузара дІа а
ма яла, сан ялхой-зударшца хІокху меттехь а хила.
9 Марс хьокху хІара сан кха бен ма гойла хьан
бІаьргашна, гІо хьо цаьрца маьрсхошна тІаьххье.
Ас сайн кегийчу нахана тІедиллина, хьо хье ма е
аьлла. Хьо хьагъелча, сан ялхоша моллучуьра хи а
мала».
10 Цец а яьлла, гора а яхана, лаьтта кхаччалц охьа
а таьІна, Рутис хаьттира: «Стенца доьзна ду-те, со
кхечу хийрачу махкара йоллушехь, хьо суна иштта
реза хилар?»
11 «Хьайн марнанна ахь мел динарг суна дийцина.
Хьайн цІийнда веллачул тІаьхьа, хьайн да-нана а
дитина, хьайн мохк а битина, хьайна девзаш
доцучу къомана тІееана хьо. 12 Везачу Эло декъала
йойла хьо, ахь бинчу оцу дикачу балхана! Буьззина
мах хадабойла Исраилан халкъан Везачу Дала,
Цуьнан тІома кІел хьо ларъяйта еанчу хьан!» – жоп
луш, элира БоІаза.
13 «Сан эла, хьо суна реза хилар ма хедийла, –
элира Рутис, – хьайн цхьана а ялхочун мехах
йоцучу соьга, хьайн лай йолчу сан даге а хьаьжна,
боху-кх ахь иза, сан дог тедархьама».

14 Делкъе йо хан тІееача, БоІаза элира: «Схьа а
йолий, хьайна хІума яа, муьста чагІар чу бепиг а
Іуттуш».
Рути маьрсхошна юххе охьахиира. ТІаккха БоІаза
цуьнга кхерзина буьртигаш кховдийра. Ткъа Рутис
уьш даа а диира, и юза а юьзира, цуьнгахь кхин а
буьртигаш а дисира. 15 ХІара кенаш лехьо йоьлча,
БоІаза юха а шен ялхошна тІедиллира Рутина
цІевнаш юккъехула кенаш лехьо магор а, цунна
цхьаммо а вас ца яр а.
16 «ЦІевнаш тІера а дахийта цуьнга кенаш, чеха а
ма е иза» – аьлла, буьйр дира цо.
17 Иштта сарралц кха тІехь къахьийгира Рутис. Цо
гулдинарг эрича, кхо сахь гергга мукх белира.
18 Иза схьа а эцна, гІала цІа яхара Рути. ТІаккха цо
деана ялта гира марнанна. Ша делкъанна хІума
юуш юьзча йитинарг шен тІоьрмиг чуьра схьа а
эцна, марнене елира Рутис.
19 «Ахь тахана мичахь болх бира? Мичара
лехьийна ахь мекхан кенаш? Дала декъала войла
хьуна и дика динарг!» – элира НуІмата.
Рутис дІадийцира шен марнене, ша хьенан кха
тІехь болх бинера. «Ас тахана кха тІехь болх
бинчун цІе БоІаз ю», – элира цо.
20 ‡«Везачу Эло декъалвойла иза. Дала, Шен дош
кхочушдеш, беллачарна а, бисинчарна а диканиг
до. БоІаз-м вайна юххера, гергара стаг ву. Иза, вай
Іалаш а деш, вайна гІо дан дезачарех цхьаъ ву», –
элира марнанас.
21 «Цо-м шен ялта чудерзийна даллалц, шен
ялхошца хила магийна суна», – аьлла, дІахаийтира
Рутис.
22 ТІаккха НуІмата шен несе элира: «Ма дика ду-кх,
сан йоІ, хьо цуьнан ялхошца хир йолуш, нехан кха
тІехь цхьаммо а хьо чехор йоцуш».
23 Иштта БоІазан ялхошца кенаш а лехьош, ялта
чудерзийна даллалц, шен марненаца Іийра Рути.

### Рути а, БоІаз а хьаьттахь

3 ТІаккха Рутига цуьнан марнана йолчу НуІмата
элира: «Сан йоІ, хьо дІатаръярхьама, цхьа
хІусам лехча хІун дара-те ас? 2 И БоІаз а вайн
гергара стаг ву. Цуьнан ялхошца бина ахь болх. Иза
тховса хьаьттахь, мохехь мукх цІанбеш хир ву.
3 ЦІан а лой, хьайн дегІах *хаза хьожа йогІу хІума* а
хьаккхий, хьайна тІе уггар хаза йолу бедарш а юхий,
хьаьтта гІо, амма и хІума йиъна а, мелла а валлалц,
цунна гучу ма яла. 4 И дІавижча, иза мича метте
вижна а хьажий, яха а гІой, цунна тІетесна йолу
хІума хьала а айий, цуьнан когашка дІайижа.
ТІаккха цо ша эр ду хьоьга, кхин дІа ахь хІун дан
деза».
5 «Ахь бохург дерриге а ас кхочуш дийр ду», –
элира Рутис.
6 ТІаккха иза хьаьтта а яхара, дерриге а шен
марнанас тІе-ма-диллара, кхочуш а дира цо. 7 БоІаза
йиъна а, мелла а, шен дог тедина а ваьлла, вахана

† *2:2 Іамалъяр 19:9, 10; Карлабаькккхинарг 24:19.* ††
*Товрат-хьехамашца мискачу нехан бакъо яра маьрсхоша
дитина мекхан кенаш лехьо.**

‡ *2:20 Іамалъяр 25:25.*

мекхан борзана юххехь дӀавижира. Ткъа хӀара,
меллаша тӀе а яхана, цунна тӀетесна йолу хӀума
хьала а айина, цуьнан когашкахь дӀатевжира.
8 Буьйсанна юккъехь, набарха цӀеххьана вегийна,
БоӀаз хьалаайавелча, шен когашкахь йижина
Ӏуьллуш цхьа зуда карийра цунна.
9 БоӀаза хьаттира цуьнга: «Хьо мила ю?»
«Со хьан лай йолу Рути ю-кх, – жоп делира зудчо,
– Хьо со Ӏалашъеш, суна гӀо дан дезаш болчу
гергарчарех цхьаъ волу дела, хьайн хӀусамехь,
хьайн юргӀана кӀелахь йитахьа со».
10 «Дала декъала йина-кх хьо, сан йоӀ! ХӀара хьайн
марнанна дина гӀуллакх хьалха мел диначул а
оьзда дина ахь. Хьо кегийчех я мисканаш, я
хьалдерш а ца къестийра ахь. 11 ХӀинца, сан йоӀ, ма
кхера хьо! Ахь дехнарг чекхдоккхур ду ас, хьо оьзда
зуда хилар массарна а хаьа дела. 12 †Амма бакъду,
со хьо Ӏалашъян а, хьуна гӀо дан а дезаш болчу
гергарчех велахь а, кхин а ву цхьа стаг, сол юххера
гергара а волуш. 13 Тховса кхузахь буьйса яккха.
Нагахь санна кхана цо хьо тӀеэцахь, дика хир ду.
Ткъа хьо тӀелаца цунна ца лаахь, ас тӀелоцур ю хьо.
Аса иза дийна волчу Везачу Элах чӀагӀо йо! ХӀинца
дӀайижа сахиллалц».
14 БоӀазан когашкахь сахиллалц Ӏийра Рути.
Шаьшшиннан яххьаш вовшашна къастале,
сатасале хьалагӀаьттира Рути. ТӀаккха БоӀаза элира
цуьнга: «Цхьаьнгге а ма тосадалийта кхуза хьо
еана хилар».
15 Юха БоӀаза элира Рутига: «Схьалаца хьайн
йовлакх».
Рутис йовлакх схьалецира. БоӀаз, цунна ялх
барам мукх а белла, иза цунна ги а тесна, гӀала
вахара. 16 Ткъа Рути марнана йолчу яхара.
Марнанас хьаттира цуьнга: «Хьайчух хӀун хилира,
сан йоӀ?»
Оцу стага шена динарг дерриге а марнене
дӀадийцира Рутис: 17 «ХӀара ялх барам мукх а белла,
цо элира соьга: „Хьайн марнанна тӀе даьссачу
куьйгашца ма гӀо“».
18 НуӀмата элира: «ХӀара гӀуллакх чекх муха долу
хаъалц, собар де ахь. И стаг Ӏийр вац и гӀуллакх
тахханехь чекх ца доккхуш».

### БоӀаза Рути йигар

4 ГӀала чу воллучохь йолчу, нах гуллучу
майдане а вахана, охьахиира БоӀаз. Цо
вуьйцуш волу стаг а вара хӀеттахь тӀехволуш.
ТӀаккха БоӀаза элира цуьнга: «Схьа а волий,
охьахаахьа».Важа веана охьахиира. 2 Кхайкхина,
къанойх итт стаг а схьавалийра БоӀаза. Шайга
охьаховшар дехча, уьш охьахевшира. 3 ТӀаккха оцу
гергарчу стаге элира БоӀаза:
«Муаби-махкара цӀа йирзинчу НуӀмата вайн
вешех Элималиках дисна долу доьзалан латта
духкуш ду. 4 Хьоьга иза дӀахазийта сацам бина ас.
ХӀара нах а болуш, массо а сан халкъан къаношна а
хууш, и дакъа ахь дӀаэца, хьо юххера гергара волу
дела. Хьайна и эца лаахь, эца, ткъа эца ца лаахь,
соьга схьахаийта. Хьо воцучун цкъа цхьанна а и
схьаоьцийла дац, хьол тӀаьхьа эца йиш ерг со ву».
Вукхо ша оьцу элира.
5 ТӀаккха БоӀаза дӀахаийтира цуьнга: «Нагахь
НуӀматан доьзалан латта оьцуш хилча, веллачун
зуда, муабахо йолу Рути а хьайна йига езар ю ахь,
лаьттан дакъа веллачун доьзалан долахь
дисийтархьама».
6 «Йиш яц сан и сайна йига, сайн дакъа декъна ца
хилийтархьама. Сан йиш йоцу дела, ахь тӀеэцахь
иза», – элира гергарчо.
7 ††Цу заманчохь Исраил-махкахь иштта Ӏедал
хилла: дакъа оьцуш, я хуьйцуш, я бина мах
чӀагӀбеш, цхьаммо шен мача, схьа а яьккхина,
кхечуьнга луш. И саннарг дар тоьшалла чӀагӀдар
санна хилла Исраил-махкахь. 8 Оцу гергарчу стага,
шен когара мача схьа а яьккхина, элира: «И зуда а,
и дакъа а хьайна схьаэца».
9 ТӀаккха БоӀаза къаношка а, массо а адамашка а
элира: «ХӀинца шу теш ду Элималикан а, Халин а,
Махьланан а долахь мел хилла долу хӀума ас
НуӀматера схьаэцар. 10 ‡Иштта шу тахана теш а
долуш, веллачун дакъа цуьнан цӀартӀехь
дитархьама а, цуьнан цӀе вежаршна юкъара ца
яйархьама а муабахо йолу, Махьланах йисина йолу
зуда Рути ас сайн дола йоккху».
11 ‡†ТӀаккха цигахь мел долчу адамо а, къаноша а
элира: «Тхо теш ду-кх.
Везачу Эло декъала йойла Рахьал а, Леа а санна,
хьан керта йогӀуш йолу и зуда.
Цара шиммо а дебийтира Исраилан халкъ.
Беркат догӀийла хьан цӀенна тӀе Эпратехь.
ЦӀе йоккхуш стаг хуьлийла хьо Байтлахамехь.
12 ‡‡Везачу Эло хьуна цу къоначу зудчуьнгара лун
йолу тӀаьхье бахьана долуш,
Тамарас ЯхӀудана винчу Парасан доьзал санна,
хуьлийла хьан доьзал».
13 БоӀаза и шена йига а йигира, цунах цунна зуда
а хилира. И шиъ цхьанакхетча, Везачу Эло иза
берах а хилийтира, цо кӀант а вира. 14 Зударша
НуӀмате бохура: «Хастам бу Везачу Элана! Цо ца
йити хьо, йоккха хилча, Ӏалашъян а, гӀо дан а стаг
воцуш. ЦӀе йоккхуш стаг хуьлийла цунах Исраил-
махкахь. Хьан дог доккха дийр ду хӀокху кӀантах,
ворхӀ кӀантал а тоьлуш йолчу, хьо езаш а йолчу,
хьан несо и вина дела».
16 И бер, схьа а оьций, марахь леладора НуӀмата,
цунна баба а хилла, кхебира цо иза. 17 Лулахоша
Ӏабади аьлла, цӀе а тиллинера цунна. «НуӀматан
кӀант ву-кх хӀинца», – олура цара.
И Ӏабади Дауд-паччахьан да волчу Юшаян да
вара. 18 ХӀара ю Парасан тӀаьхье: Парасан хилира
кӀант Хьацрани. 19 Хьацранин хилира кӀант Рам.
Раман хилира кӀант Ӏамминадаб. 20 Ӏамминадабан

† 3:12 Рути 2:20.

†† 4:7, 8 Карлабаьkkхинарг 25:9. ‡ 4:10 Карлабаьkkхинарг 25:5, 6. ‡† 4:11 Доладалар 29:31. ‡‡ 4:12 Доладалар 38:27-30.

хилира кIант Нахьшон. Нахьшонан хилира кIант
Салман. [21] Салманан хилира кIант БоIаз. БоIазан
хилира кIант Iабади. [22] Iабадин хилира кIант Юшай.
Юшаян хилира кIант Дауд.

# Шамъал

## Дешхьалхе

Хьалхалерчу заманахь мехкан куьйгалхоша олалла дора Исраил-махкахь, цул тӀаьхьа бен паччахьаша олалла дан ца доладелира. тӀехь цхьана олаллин кепера вукху олаллин кепе хьал хийцаран заманах льцна яздина ду. Исраил-махкахь и хийцар дукхахьолахь кхаа стагах доьзна хилла: мехкан куьйгалхойх тӀаьххьарниг волчу Шамъалах а (1:1–7:17), Исраилан халкъана тӀехь хьалхара паччахь волчу Шаулах а (8:1–15:35; 31:1-13), Дауд-паччахьах а (16:1–30:31). Ткъа Дауд-паччахь хилале хьалха цунах лаьцна хилла долу дийцарш Шамъалах а, Шаулах а долчу дийцаршца доьзна ду.
ДӀаяханчу заманашкахь хиллачух лаьцна долчу товратан дийцаршкахь санна, тептаран коьрта ойла иштта ю: Далла тешаме хиларо кхиам ло, ткъа Цунна муьтӀахь ца хиларо бохам бо. И кхаъ шеко йоцуш бовзийтина 2-чу коьртан 30-чу аятахь Везачу Эло динан да волчу Іелига иштта аьллачу дешнашкахь: «Сан сий деш волчун Аса а дийр ду сий, амма Сан цІе сийсаза йоккхуш верг юьхьІаьржачу а хІуттур ву». Тептар тІехь паччахьаш дІахІотторх лаьцна дІаязйина иэйина ойланаш ю. Везачу Элана Ша Исраилан халкъан бакъволу Паччахь санна хетара, амма, наха динчу дехарна жоп луш, Везачу Эло царна цхьа паччахь къобалвира. Делахь а, паччахьна а, халкъана а тІехь Дела ву – Иза царна тІехь олалла Дийриг а, кхел Йийриг а хуьлу (2:7-10). Делан хьехамашка хьаьжжина, массо а нехан бакъонаш ларъян езара, стаг хьал долуш я къен велахь а.

### Элкханах а, цуьнан доьзалх а лаьцна

1 Эпрайман лаьмнаш тІехь Іуьллуш йолчу
Раматайм-Цупамахь † Іаш хилла Элкхан цІе
йолу цхьа стаг. Элкхан ша Цупин доьзалх
схьаваьлла вара. Цуьнан ден цІе Ярохьам хилла,
ткъа Ярохьам ЭлихІун кІант хилла, ЭлихІун да
ТІохьа хилла. Ткъа ТІохьа эпратхо волчу Цупин
кІант хилла. 2 Элкханан ши зуда яра. Цхьана зудчун
цІе Хьанат яра, вукхун цІе Паннана яра. Паннанин
бераш хилла, ткъа Хьанат доьзалхой боцуш хилла.
3 ХІора шарахь, билгалдаьхначу деношкахь, Элкхан
Шилун-гІала воьдуш хилла массо а ницкъашна
тІехь волчу Везачу Элана †† лерина долу гІуллакх
дан а, Цунна сагІа даккхийта а. Шилунехь Везачу
Элан динан дай бара Іелин кІентий: Пайнехьассий,
Хьапний. 4 Ша, сагІа а даккхийтина, цІа веача,
Элкхана шен зудчунна Паннанина а, цо бинчу
доьзална а цу сагІин дакъа луш хилла. 5 Хьанатана
тоьлла долу дакъа луш хилла цо, хІунда аьлча иза
цунна дукхах езаш хилла, Везачу Эло цунна
доьзалхой ца беллехь а ‡. 6 Везачу Эло цунна бераш
ца далар бахьана долуш, Паннанас Хьанат кест-
кестта сийсазйора, цуьнга сагатдайтархьама. 7 И
сурт Паннанас цунна хІора шарахь хІоттадора,
Хьанат Везачу Элан цІа чу мосазза йоьду. Цо ша
хьийзаяран барам тІехбаьлча, иза йоьлхура, цо яа
хІума ца йоура. 8 Цуьнан майрачо Элкхана цуьнга
элира: «Хьанат, хьо хІунда йоьлху? Ахь яа хІума
хІунда ца йоу? Хьан дог стенна Іийжаш ду? Со хьуна
итт кІантал ца тоьлу?»

### Хьаната Деле доьху

9 Цхьана дийнахь, Шилунахь шаьш яа хІума
йиъна а, мелла а девллачул тІаьхьа, Хьанат
хьалагІаьттира. *Динан да* волу Іела Везачу Элан
цІийнан неІсагІи тІехь Іаш вара. 10 Хьанат, чІогІа
дог доьхна, йоьлхуш, Везачу Эле доьхуш яра. 11 ‡†Цо
шен доІанехь нигат дира:
«Массо а ницкъашна тІехь волу Веза Эла!
Тидам бехьа сан деган лазаме!
Со хьайна дагаяийтахьа!
Йиц ма ехьа!
Ахьа суна божабер лахь,
аса иза Хьуна массо а йолчу ханна дІалур ду.
Цуьнан коьртарчу месех урс а хьакхалур дац».
12 Дехха доІа дира Хьаната. Цу хенахь Іела
Хьанатан балдашка хьоьжуш вара. 13 Иза шен
дагахь доІа деш яра: цуьнан балдаш хьуьйш дара,
амма цо дуьйцург хезаш дацара. Цундела Іелина
иза мелла ю моьттира. 14 Цо цуьнга элира: «Хьо
мелла ю! Малар дита деза!»

† *Раматайм-Цупам *– 19-чу аято гойту и гІала Рама хилар.**
†† *Жуьгтийн маттахь *– ЯхІвехІ-Цабаот.** ‡ *Я иштта: *Хьанат цунна чІогІа дукхаезаш хиллехь а, цо цунна цхьа дакъа бен ца лора, хІунда аьлча Везачу Эло Хьанатна доьзалхой ца беллера.**

‡† *1:11 Лелар 6:5.*

[15] Хьаната жоп делира: «Иза иштта дац, сан эла.
Аса я чагIар а, я йий † а ца мелла. Со сайн кийрара
бала Везачу Эле дIабелхош ю. [16] Хьан ялхо йолчу
сох вон зуда ма хеталахь. Аса оццул деха доIа
даран бахьана соьгахь лаьтташ болу бала бу».
[17] Iелас цуьнга элира: «Марша гIойла хьо.
Исраилан Дала хьан доIанна жоп лойла».
[18] Хьаната цуьнга элира: «Хьо суна реза хуьлийла
лаьара суна!» Иза шен новкъахула дIаяхара. Цо яа
хIума а йоура, хIинца хьалха санна сингаттаме а ца
хетара иза.

### Шамъал дуьнен чу валар а, иза Везачу Элана дIавалар а

[19] Iуьйранна хьала а гIаьттина, Далла корта а
тоьхна, уьш шайн цIа долчу Раме юхабахара.
Элкхан шен зудчуьнца дIавижинчул тIаьхьа Дала
Хьанатан дехар Шена дагадаийтира. [20] Дукха хан
ялале иза берах хилира. Шен зама тIекхаьчча, цо
кIант вира, цуьнан цIе Шамъал аьлла тиллира (иза
«Далла хезна» бохург ду). И цIе цунна тиллар и
кIант Хьаната Деле вехар дара.
[21] Шен доьзалца хIора шарахь ша ма-ваххара,
Шилуне Везачу Элана сагIа даккхийта а, ша дина
долу нигат кхочушдан а вахара Элкхан. [22] Амма
Хьанат цаьрца ца яхара. Цо Элкхане элира: «КIант
вакхочуьра а ваьккхина, аса иза айса дIавуьгур ву
цига, Везачу Элана дIа а лур ву, массо а ханна
цигахь Iайта».
[23] Элкхана цуьнга элира: «Хьайна бакъахьа
хеттарг де. ЦIахь Iан мегар ду хьуна, кIант
вакхочуьра ваккхалц. Дала къобалбина тIеоьцийла
хьан лаам». Цуьнан зуда цIахь Iийра, кIант
вакхочуьра ваккхалц.
[24] Иза вакхочуьра къастийначул тIаьхьа, Хьанат
цуьнца Шилуне яхара. Цо, ша дIайоьдуш, шеца кхо
шо кхаьчна долу бежана †† а, кхо сахь дама а, цхьа
*пIаьлдиг* чагIар а даьхьира. Иза Шилунерчу Везачу
Элан цIа чу еара, шеца кхуьуш волу шен кIант а
валош. [25] Схьадалийначу бежанна урс хьаькхира.
Iела волчу шайн кIант схьавалийра дас-нанас.
[26] Хьаната элира: «Сан эла! Хьо дийна хилар санна
бакъ ду хьуна, тоххара хIоккхуза дIа а хIоьттина,
Везачу Эле доьхуш доIа деш хилларг со хилар.
[27] ХIара хьуна гуш долу бер ду хьуна аса Цуьнга
дехнарг. Везачу Эло суна жоп делира, аса дехнарг
кхочуш а деш. [28] Аса хIара кIант Везачу Элана дIало.
Ша дуьнен чохь мел йоккхучу хенахь Везачу Элана
гIуллакх деш хир ву хIара».
Цо цигахь Везачу Элана Iибадат дира.

### Хьанатан доIа

2 ‡Ша доIа деш Хьаната элира:
«Сан дог Везачу Элах доккхаде!
Везачу Эло Шен ницкъаца соьца болу ларам
лакхабаьккхина!
Ахьа со кIелхьаръяккхарх йоккхаеш,
со сайн мостагIех йоьлу.
[2] Везачу Элал веза цхьа а вац,
Хьох тераниг дуьнен чохь а вац!
*Чхаро* санна, адам Iалашдеш тхан Дела воцург
цхьа а вац.
[3] Деза детташ, къамелаш ма де,
ма ала кIоршаме дешнаш!
Веза Эла массо а хIума гуш ву.
Нехан массо а гIуллакхашна нийсонца тIе а
хьожу.
[4] Ницкъболчеран секхаIад кагло!
ЭгIаза верг ницкъ болуш хуьлу.
[5] Буьзна хилларш, леш санна, къахьоьгуш бу,
меца лелларш, буьзна, садоIуш бу.
Бер ца хуьлуш йолчо ворхIазза бер до,
ткъа дукха кIентий болуш хилларг синца эшна ю.
[6] Везачу Эло вен а воь, чу са а кхуллу,
стаг Iожалле дIа а хьажаво, веллачуьра ден а во.
[7] Везачу Эло цхьаьнга къелла кховдайо, вукхуьнга
хьал ло,
цхьаннан цIе йожайо, вукхуьнан хьала а йоккху.
[8] Везачу Эло къен верг чена юккъера хьалаайаво,
овкъарш юккъера мисканиг схьавоккху.
Иза хьалдолчаьрца нийсса дIахIоттаво,
цаьрга паччахьаллин сийнна шерет ‡† дойту.
Дуьненан бух Везачу Элан ма бу,
цу тIехь Латта ДIахIоттийнарг а Иза ву.
[9] Везачу Эло шен нехан лар Iалашйо,
хьарамалла лелорш хIаллакбо,
уьш боданехь къайла а бохуш.
Церан ницкъ хиларх пайда бац,
и ницкъ цаьргара шайгара бен бацахь.
[10] Шена дуьхьалваьлларг Везачу Эло дуьнен чуьра
войу,
стигалара схьа царна оьгIазло а еш.
Делан кхел дуьненан массо а маьIIе кхочур ю.
Ша хаьржинчу паччахье Цо олалла а лур ду,
Ша къобалвинчуьнца болу ларам лакха а
боккхур бу».
[11] Элкхан доьзалца Раме юхавирзира, ткъа
Шамъал *динан да* волчу Iелина уллохь Везачу
Элана гIуллакх деш Iийра.

### Iелин кIенташа летийна къинош

[12] Iелин кIентий чIогIа вон нах хилла. Цара Веза
Эла къобал а ца вора, [13] я динан дайша нахаца
лелон езаш йолу юкъаметтиг а ца хаьара царна.
Цхьаммо, сагIа а даьккхина, жижиг кхехкочу
хенахь, динан ден жима гIоьнча, шен кхо маIа йолу
мIара а бахьаш схьа а вогIий, [14] яй чу, я ялгIу чу, я
кеда чу иза а Iуттий, цу чуьра тIейогIаелларг схьа а
оьций, дIавоьдура. Иштта «гIиллакх» хIоттадора
цара массо а Шилуне вогIуш волчу
исраилхочуьнца. [15] Везачу Элана лерина долу

† *Йий *– кIенах даьккхина вахош долу малар.* ††
*Iебархойн маттахь: *кхо старгIа. *Грекийн гочдар тIехь: *кхо шо
кхаьчна долу бежана.** ‡ *2:1-10 Лака 1:46-55.*

‡† *Шерет *– бахам бекъар.**

махьаран даьтта дагадале, динан ден жимачу
гIоьнчас, схьа а вогIий, цIий доккхуш волчуьнга
олура: «Динан дена кхарза жижиг ло. Цо хьоьгара
кхехкийна жижиг схьаоьцур дац, соьга буьйданиг
ло».
16 Нагахь санна цхьаммо шега: «Цкъа собар де
махьаран даьтта дагийна даллалц, цул тIаьхьа хьур
ду ахьа хьайн даго ма-бохху жижиг» – аьлча, цо
олура: «ХIинца схьало. Ахьа ца лахь, аса нуьцкъала
схьадоккхур ду хьоьгара иза».
17 Цу кегийчу наха Везачу Элана хьалха чIогIа
доккха къа латийнера, хIунда аьлча цара
шаьшшиъ Везачу Элана сагIа даккхарх ца вешийла
гойтура.

### Шамъал Шилунехь

18 Шамъала Шилунехь ша Везачу Элана гIуллакх
деш волчу хенахь, динан дайша лелон езаш йолу
*ийпад* цIе йолу бедарш тIеюхура. 19 Леррина
тIехула йоьхна лелош йолу бедарш цунна шен
нанас, тега а тоьгий, хIора шарахь яхьаш хилла,
иза шен майрачуьнца сагIа даккха йогIуш. 20 Iелас,
Элкханний, цуьнан зудий декъал а деш, олура:
«Везачу Эло кхин а бераш лойла шуьшинна хIокху
аша Везачу Элана дIавеллачу кIантана дуьхьал». И
шиъ шайн цIа доьдура. 21 Веза Эла Хьанатана
тIехьаьжна хилла: цо кхин а кхо кIант а, ши йоI а
йина. Ткъа церан кIант Шамъал Везачу Элана
уллохь воккха хуьлуш хилла.

### Iелига цуьнан кIенташа ла ца дугIу

22 Iела чIогIа къена вара. Цунна хезаш дара шен
кIенташа массо а исраилхошка хIоттош дерг а, уьш
Везачу Элан деза четар лаьттачу кертахь гIуллакх
деш болчу зударшца лела бохуш дерг а. 23 Цо
цаьрга элира: «ХIунда лелабо аша и болх? Массо а
нахера суна шух лаьцна вониг хеза. 24 Сан бераш,
суна шух лаьцна хезаш дерг вон хабар ду. Везачу
Элан лаамехь долчу халкъо шух лаьцна воних
дуьйцу. 25 Стага вукху стагана дуьхьал ша воних
дича, Дела царна юккъе хIотта мега. Ткъа аша
Везачу Элана дуьхьал воних лелош хилча, шуна тIе
мила хIуттур ву?»
Амма цара шайн дас бохучуьнга ла ца дугIура,
Везачу Эло цу хенахь уьш байа сацам бина хилла
дела. 26 †Ткъа Шамъал воккха хуьлуш вара, шех
Везачу Элан а, нехан а бIаьрг бузуьйтуш.

### Iелин доьзалх лаьцна Делера хаам бар

27 Iела волчу Делан стаг веара. Цо элира: «Везачу
Эло хьоьга иштта боху: „Хьан ден цIенна Со ца
вовзийтира Ас, уьш Мисар-махкахь пирIунан цIа
чохь леш болчу хенахь? 28 ††Массо а исраилхойн
тайпанашна юккъера хаьржина вацара Аса хьан
дай шех схьабевлла волу АхIарон Сайн динан да
хилийта а, сагIа доккхучу кхерче ваийта а, *хаза
хьожа йогIу хIума* ягаяйта а, Суна хьалха динан дас
лелош йолу ийпад лелаяйта а? Массо а Исраилан
кIенташа Сан дуьхьа доккхуш долчу сагIанийн
дакъа ца кхочуьйтура Аса хьан цIенна? 29 ХIунда
бетта аша Сан дуьхьа доккхуш долчу жижиган а,
баьпкан а сагIанийн дакъошна тIе когаш, Аса Сайн
цIенна лерина долчу? Сан Исраилан халкъо Суна
даьхначу сагIанийн уггар тоьллачу дакъойх хьан
кIентий буза а беш, ахьа Со дIатеттина“».
30 Цул тIаьхьа цу стага элира: «Исраилан халкъан
Дала аьлла дара: „Хьан цIа а, хьан ден цIа а массо а
хенахь Сан бIаьргашна хьалха гIуллакх деш хир
ду“. Амма хIинца Везачу Эло боху: „Иза иштта хир
дац! Сан сий деш волчун Аса а дийр ду сий, амма
Сан цIе сийсаза йоккхуш верг юьхьIаьржачу а
хIуттур ву. 31 ТIейогIур ю Аса хьан массо а тIаьхье
хIаллакьеш йолу зама. Хьан доьзалера цхьа а стаг
къанло хан тIекхаччалц вехар вац. 32 Исраилан
мохк толуш дIагIур бу, амма хьуна гун дерш хьан
доьзале кхочун долу вонаш ду. Хьан доьзалхойх
цхьа а къанвелла лийр вац. 33 Сайн кхерчан уллора
массо а дIавоккхур вац Аса. Цхьаъ вуьтур ву Аса
цуьнан бIаьргаш бIарздаллалц, цуьнан гIора
дIадаллалц. Хьан мел йолу тIаьхье
гIеметтахIоьттинчу хенахь лийр ю. 34 ‡Аса билгало
йоуьйтур ю хьуна и зама тIекхаьчнийла хоуьйтуш:
хьан ший а кIант, Хьапни а, Пайнехьас а, цхьана
дийнахь лийр ву. 35 Аса Сайна тешаме динан да
дIахIоттор ву: цо, Сан даге хьаьжжина, Аса ма-бохху
гIуллакх дийр ду. Аса цуьнан тайпа ницкъ болуш
хуьлуьйтур ду. Цо, ша мел веха, Аса хаьржинчу
паччахьан гIуллакх а дийр ду. 36 Хьан цIийнах мел
виснарг цунна корта тоха вогIур ву, жимма ахча я
баьпкан дакъа ло бохуш. Цара цуьнга дехар дийр
ду: ‘Динан дас беш болу муьлхха а болх лохьа суна,
сайна сискал яккха’, – бохуш“».

### Дала Шамъале тIекхойкху

3 Кхиъна вогIуш волу Шамъал Iелина уллохь
Везачу Элана гIуллакх деш вара. Цу деношкахь
Делера хаам нахе наггахь бен хуьлуш бацара,
Делера долу сурт а наггахь бен ца хIуттура.
2 Цхьана буса Iела шен меттахь вижина Iуьллуш
вара. ТIаьхьарчу хенахь цуьнан бIаьргаш телхина
догIуш дара, цундела цунна хIумма а ца гора.
3 Сатасале, богуш болу Делан *къуьда* дIабаза болчу
хенахь, Шамъал Везачу Элан дезачу четар чохь
вижина Iуьллуш вара. Цу четар чохь лаьтташ
Делан деза тIорказ а дара. 4 Веза Эла Шамъале
кхайкхира. Цо жоп делира: «Кхузахь ву со!» 5 Ведда
Iела волчу а вахана, цо элира: «Со кхузахь ву. Хьо
соьга кхайкхирий?»
Амма Iелас элира: «Со хьоьга ца кхайкхира. Вало,
дIавижа».
Шамъал, дIа а вахана, дIавижира. 6 Веза Эла юха а
цуьнга кхайкхира. Иза шолгIа а, Iела волчу схьа а

† *2:26 Лака 2:52.* †† *2:28 а: Арадаккхар 28:1-4; б: Iамалъяр 7:35, 36.*

‡ *2:34 Шамъал 4:11.*

веана, вистхилира: «Со кхузахь ву. Хьо соьга
кхайкхирий?»
Амма вукхо элира: «Сан кӀант, со хьоьга ца
кхайкхира. ДӀа а гӀой, дӀавижа». 7 Шамъална цу
хенахь Везачу Элан аз ца девзара, хӀунда аьлча
Цуьнан дош Шамъална схьа ца делладеллера.
8 КхозлагӀа а Веза Эла Шамъале кхайкхира. Иза
юха а, хьала а гӀаьттина, Ӏела волчу а веана,
вистхилла: «Со кхузахь ву. Хьо соьга кхайкхирий?»
ТӀаккха Ӏелина хиира, кӀанте кхойкхуш Верг Веза
Эла вуйла. 9 Ӏелас Шамъале элира: «Юха а, дӀагӀой,
дӀавижа. Нагахь санна хьайга юха а цхьаммо
кхайкхахь, цуьнга ала: „Вистхила, Веза Эла, Хьан
лай Хьоьга ладугӀуш ву“».
Шамъал, шен метте дӀа а вахана, дӀавижира.
10 Веза Эла, схьа а веана, дӀа а хӀоьттина, хьалха
санна кхайкхира: «Ва Шамъал!»
Шамъала элира: «Вистхила, Веза Эла, Хьан лай
Хьоьга ладугӀуш ву!»
11 Везачу Эло Шамъале элира: «Аса Исраилан
махкахь цхьа хӀума дийр ду, и шена хезначун
шинна а лерга чу зов догӀур ду. 12 Цу дийнахь Аса
Ӏелин доьзална тӀехь Айса мел аьлларг
кхочушдийр ду. Аса иза дӀа а долор ду, чекх а
доккхур ду. 13 Аса цуьнга аьлла ду, цуьнан цӀенна
тӀехь массо а тӀейогӀучу ханна таӀзар дийр ду
аьлла, хӀунда аьлча цо шен кӀенташа лелош долчу
къинойх лаьцна а, цара лелош долчу дастамечу
хӀуманех лаьцна а шена хуъушехь, уьш саца ца
бина дела. 14 Аса чӀагӀо йо, цуьнан цӀенна тӀехь
долу къинош муьлхха а тайпана даькккхинчу
сагӀанаша дӀадохур дац аьлла».
15 Шамъал Ӏуьйре тӀекхаччалц вижина Ӏиллира.
Ша хьалагӀаьттинчул тӀаьхьа, цо Везачу Элан
четаран неӀ дӀайиллира. Иза ца хӀуттура Ӏелига
шена буьйсанна хезнарг дӀадийца. 16 Амма Ӏелас
кхуьнга ша дӀакхайкхира: «Сан кӀант Шамъал!»
Цо элира: «Со кхузахь ву».
17 ТӀаккха Ӏелас элира: «Хьоьга хӀун элира? Хьайга
аьллачух хӀумма а къайладаккха ма гӀерта. Дала
хьуна чӀогӀа таӀзар дийр ду, ахьа сох хӀумма а
къайладаккхахь». 18 Цхьа а хӀума къайла ца хьош,
Шамъала дерриге а цуьнга дӀадийцира. ТӀаккха
Ӏелас элира: «Иза Веза Эла ву. Цо Шена бакъахь
хеттарг дойла!»
19 Шамъал воккха хилира. Веза Эла цуьнца вара,
Цуьнан цхьа а дош кхочуш ца хуьлуш ца дисира.
20 Исраил-махкахь массо а меттехь, Дан-гӀалара
дуьйна Беар-ШабаӀе кхаччалц, массарна а хиира
Шамъалах Везачу Эло къобалвина волу пайхамар
вина хилар. 21 Шен дашехула Ша вовзуьйтуш,
Шилунехь Шамъална дуьхьалвогӀура Веза Эла.
4 ТӀаккха Шамъал массо а исраилхошка наггахь
вистхуьлура.

### Везачу Элан тӀорказ йийсаре дуьгу

Цу заманчохь исраилхой пӀелаштамхошна
дуьхьал тӀом бан арабевлла хилла. Исраилхойн
*меттамотт* Абани-Ӏазарна генахь боццуш лаьтташ
хилла, ткъа пӀелаштамхой Апакх олучу гӀалина
уллохь севцина. 2 Исраилхошна дуьхьал лата
дӀахӀиттинера пӀелаштамхой. Уьш вовшахлетира.
ПӀелаштамхоша исраилхой эшийра. Цигахь виъ
эзар стаг вуьйжира исраилхошна юкъара. 3 Адам
шайн меттаматте юхадеара. Исраилхойн къаноша
элира: «Везачу Эло хӀунда белла техьа
пӀелаштамхошка вай эшадан ницкъ? Вай
Шилунера Везачу Элаца бинчу бертан тӀорказ
схьаэца деза. Иза вайца хир ду, цо вай мостагӀийн
куьйгех кӀелхьара а дохур ду». 4 †Нах Шилуне а
бахийтина, цигара массо а ницкъашна тӀехь волчу
Везачу Элаца бина барт дагабоуьйтуш долу тӀорказ
схьадаийтира. ТӀорказан негӀар тӀехь Ӏаш дашо
деза ши *малик* дара. Царна тӀехула яра Везачу Элан
меттиг. Цу тӀорказна уллохь Ӏелин ши кӀант вара,
Хьапний, Пайнехьассий. 5 Везачу Элаца бинчу
бертан тӀорказ шаьш долчу схьаккхаьчча,
исраилхоша йоккха гӀовгӀа яьккхира, дерриг латта
а дегош. 6 И баккхийберан мохь шайна хезча,
пӀелаштамхоша элира: «Ӏебархойн агӀонехь ма
чӀогӀа маьхьарий хьоькху. И хӀун ду техьа?» Царна
хиира Везачу Элан тӀорказ исраилхойн меттаматте
схьакхаьчнийла. 7 ПӀелаштамхой кхерабелира.
Цара элира: «Церан Дела веана уьш болчу. Вайгахь
боккха бала бу! Иштта долу хӀума хьалха цкъа а ца
хилла! 8 Бала бу вайгахь! Хьан дохур ду вай цу
ницкъ болчу деланийн карара? Цу деланаша,
таӀзарш деш, мисархой хӀаллакбина яьссачу
аренгахь. 9 ЧӀагӀ а лой, майра хила, пӀелаштамхой!
Вайна карабаьхкина болу Ӏебархой санна, церан
кара а дахана, церан леш хилла ца латтархьама.
Доьналла долуш хила, цаьрца лата кийча хила!»
10 Уьш чӀогӀа летира, исраилхой эша а беш. ХӀора
дийна висина волу исраилхо, ведда, шен цӀа
вахара. Исраилхой чӀогӀа эшийра цу тӀамехь, ткъе
итт эзар гӀашло вен а вуьш. 11 Делан тӀорказ
пӀелаштамхойн карадахара, ткъа Ӏелин ши кӀант,
Хьапний, Пайнехьассий, велира.

### Ӏелин валар

12 Оццу дийнахь цхьа бен-яманхо, тӀом болчуьра
ведда, Шилуне кхечира. Цунна тӀера бедарш
этӀийна яра, коьрта тӀехь чан яра. 13 Ӏела гӀали чу
воьдучохь лаьтташ долчу кевнан неӀарехь хиъна
Ӏаш вара, хьоьжуш. Цуьнан дог, Делан тӀорказах
хӀун хилла ца хууш, лозуш дара. Веанчу цу стага
тӀамехь долу хьал дийцича, массо а стаг велха
дӀахӀоьттира. 14 Шена и белхар хезча, Ӏелас
хьаьттира: «И хӀун гӀовгӀа ю?» Цу стага, тӀе а веана,
шадерг а дӀадийцира. 15 Цу хенахь Ӏелин дезткъе
берхӀитта шо дара. Цуьнан бӀаьргаш, са ца гуш,
кхоьлина дара. 16 Цу стага цуьнга элира: «Со
меттаматтера схьавеана. Тахана тӀом болчуьра
ведда со».

---

† *4:4 Арадаккхар 25:22.*

Iелас цуьнга хаьттира: «ХIун хилла цигахь, жима
къонах?»
17 Хаамчас жоп делира: «Исраилхой
пIелаштамхойх бевдда. Вай цара эшийна. Хьан
ший а кIант велла. Делан тIорказ мостагIийн
карахь ду».
18 Цо Делан тIорказ хьахошшехь, Iела ша Iаш
волчу гIанта тIера аркъал охьавуьйжира. Вортанан
даьIахк каг а елла, иза велира. Цуьнан кхалхар
иштта сиха хилира, иза чIогIа къена а, дегIана веза
а волу дела. Иза шовзткъа шарахь Исраилан
мехкан куьйгалхо хилла Iийна ву.

### Пайнехьасах йиснарг ялар

19 Iелин нус, Пайнехьасан зуда, кестта бер дан
дезаш яра. Делан тIорказ пIелаштамхойн
карадахнийла а, шен мардай, майрий веллийла а
хиъча, иза ца лайна, зуда берах хьовзийра. Дукха
хан ялале, цо бер дира. 20 Иза лечу хенахь, цунна
тIехь лаьтташ болчу зударша элира: «Ма кхера.
Ахьа кIант вина». Амма иза схьахьожуш а,
йистхуьлуш а яцара. 21 «Везачу Элан сий Исраил-
махкара дIадаьлла», – аьлла, цо шен кIентан цIе
Ихвади тиллира (иза «сий доцург» бохург ду). Делан
тIорказ мостагIийн карадахана дела, шен мардай,
майрий велла дела, тиллина цо и цIе кIантана.
22 Цо элира: «Исраилан махко Везачу Элан сий
дайина, Делан тIорказ мостагIийн карадахана
дела».

### Делан тIорказо пIелаштамхошна зе до

5 Делан деза тIорказ йийсаре а дигна,
пIелаштамхоша иза Абани-Iазарера Ашдод-
гIала схьадеара. 2 Цара деза тIорказ, схьа а эцна,
шайн дела волчу ДагIонан цIа чу диллира. Цара
иза ДагIонан суьртана уллохь охьахIоттийра.
3 ШолгIачу Iуьйранна ашдодхой самабевлча, царна
гира ДагIонан тIулгах дина долу сурт Везачу Элан
тIорказна хьалха бертал Iуьллуш. Хьала а айдина,
ДагIонан сурт цара ша хиллачу дIахIоттийра.
4 Вукху Iуьйранна нах самабевлча, царна гира
Везачу Элан тIорказна хьалха бертал Iуьллуш долу
ДагIонан сурт, цуьнан корта а, ший а куьг а, схьа а
даьккхина, неIсагIи тIехь Iуьллуш. Дохоза дегIан
гIад диснера. 5 И бахьана долуш таханлера де
тIекхаччалц я динан дай а, я кхиболу нах а, Ашдод-
гIаларчу ДагIонан цIа чу шаьш баьхкича, цкъа а
неIсагIи тIе ца бовлу. 6 Везачу Эло дуьне гатдинера
ашдодхошна. Уьш эшош таIзар дора Цо царна,
дегIа тIе хIуманаш юьйлуьйтуш, Iазап
хьоьгуьйтура. И хьал Цо Ашдод-гIалахь хIоттийна а
ца Iаш, цунна уллохь йолчу яртийн бахархошка а
хIоттийнера. 7 Шайна и сурт гича, ашдодхоша
элира: «Исраилан Делан деза тIорказ вай долчохь
кхин дита йиш яц! Цо даккхий зенаш хуьлуьйту
вайна а, вайн дела волчу ДагIонна а». 8 Цара,
пIелаштамхойн мел волу куьйгалхо схьа а гулвина,
хаьттира: «ХIун до вай Исраилан халкъан Делан
дезачу тIорказна?»
Вукхара элира: «Вай и тIорказ Гати-гIала дIадахьа
деза».
Цара иза Гати-гIала дIадаьхьира. 9 Иза цига дIа-
ма-даьхьнехь, Везачу Элан куьг цига а кхечира.
Нах чIогIа инзарбохуш, царна тIе доккха Iазап
хIоьттира, массеран а дегIа тIе ирча хIуманаш
евлира, воккха-жима ца къастош. 10 Цул тIаьхьа
цара Делан тIорказ Iекхран-гIала дIадаьхьира.
Амма иза цига дIадаьхьча, цу гIалара бахархой
чIогIа боьхна хьаьвзира. Цара бохура: «Тхо долчу
исраилхойн Делан тIорказ схьадеана тхо а, тхан
гIала а хIаллакьян». 11 ТIаккха цара, массо а
пIелаштамхойн куьйгалхо схьа а гулвина, элира:
«Исраилан мехкан Делан деза тIорказ ша хиллачу
дIадахьийта, цо вайн мохк а, вайн адам а
хIаллакдале!» Iекхран-гIалара бахархой чIогIа
кхерабелла хилла, хIунда аьлча церан дахар цу
хенахь чIогIа эрчадаьлла хилла дела. 12 Байаза
бисинарш дегIа тIехь хIуманаш евлла хилла.
Адаман белхар стигала хьалакхочура.

### Везачу Элан тIорказ юхадерзадо

6 ВорхI баттахь латтийна пIелаштамхоша
Везачу Элан тIорказ шаьш долчохь. 2 Динан
дай а, эвлаяаш а схьа а гулбина, цара элира: «ХIун
до вай Везачу Элан дезачу тIорказна? ХIара шен
махка дIа муха дахьийта деза дийцийша тхуна!»
3 Вукхара элира: «Шаьш Исраилан халкъан Делан
тIорказ дIадахьийта гIерташ делахь, иза ша ма-
дарра дIа ма дахьийта: аша сагIа даккха деза шайн
бехк такхархьама. ТIаккха хуур ду шуна, Цо шайна
таIзар хIунда дина».
4 Цара хаьттира: «Оха тхайн бехк токхуш сагIа
даккхар муха хила деза?»
Вукхара жоп делира: «Кхузахь волчу пхеа
пIелаштамхойн пхеа куьйгалхочун цIарах пхиъ,
дегIа тIехь яьлларг санна, дашо хIума а, пхи дашо
дахка а бан беза, хIунда аьлча шуна дина долу
таIзар шуна а, шун куьйгалхошна а кхочу. 5 ДегIана
тIе яьлла йолу пхи дашо хIумий, шайн латта
дассош болу пхи дашо дахкий шаьш бина девлча,
Исраилан Далла хастам бе. Цо Шен деза куьг шуна
тIера а, шун делашна тIера а, шун лаьтта тIера а
дIадаккха мега шуна. 6 Шайн дог хIунда чIагIдо
аша, мисархоший, пирIуной санна. Дала шайна
таIзар диначул тIаьхьа бен ца делла цара
исраилхошна Мисар-махкара дIадаха пурба.
7 Керла ворда а яй, хIинцца бехкина болу, цкъа а
дIабоьжна боцу ши етт цу ворданах дIабожа, ткъа
церан эсий цIа дига. 8 Везачу Элан тIорказ цу
ворданна тIе хIоттаде, ткъа Далла хьалха шайн
бехк такхархьама сагIина кечйина йолу дашо
хIуманаш цхьана гIутакх чу агIонгахь охьа а яхкий,
ворда дIа а хеций, дIаяхийта. 9 Хьожуш хилалаш,
нагахь санна и ворда, кхин цхьанхьа дIа-схьа ца
хьаьвзаш, Исраил-махкахь йолчу Байт-Шамаше

дІайодахь, и боккха бохам вайна Везачу Эло
хилийтина бу. Амма и ши етт цига ца бодахь, вайна
хуур ду, Цуьнан куьйгахула вайна и таІзар ца
хиллийла а, иза ларамаза хилла хилар а».
10 Цара иштта дира: хІинцца бехкина болу ши етт
ворданах дІа а боьжна, церан эсий цІахь дитира.
11 Цу ворданна тІе Везачу Элан тІорказ а хІоттийна,
дашо хІуманаш а, дашо дехкий а чохь долу гІутакх
цу тІе хІоттийра. 12 Ши етт нийсса Байт-Шамаше
боьдучу новкъа дІабахара. Іеха а Іоьхуш, цхьанхьа
дІа-схьа а ца хьаьвзаш, дІабоьдуш хилла ши етт.
Ткъа пІелаштамхойн куьйгалхой, цу ворданна
тІаьхьа а хІиттина, Байт-Шамаше кхаччалц
дІабахара.
13 Цу хенахь Байт-Шамашера бахархой тогІи чохь
Іуьллучу аренгахь кІа хьоккхуш бара. ДІахьаьжча,
царна гира Везачу Элан деза тІорказ. Шайна и
гича, чІогІа хазахийтира царна. 14 И ворда байт-
шамашхо волчу ЮшаІан аренгахь боккхачу
тІулгана уллохь сецира. Байт-Шамашерачу
бахархоша, и ворда йоха а йина, цунах дечиг
даьккхира. ТІаккха, и ши етт цІарца бага а беш,
Везачу Элана лерина долу сагІа даьккхира. 15 Иза
шаьш дале хьалха Леви цІе йолчу тайпанан наха
Везачу Элан тІорказ а, дашо суьрташ чохь долу
гІутакх а вордана тІера охьа а даьккхина, боккхачу
тІулга тІе охьахІоттийнера. Байт-Шамашерачу
бахархоша цу дийнахь Везачу Элана лерина долу
дагоран а, кхидолу а сагІанаш дехира.
16 ПІелаштамхойн пхеа куьйгалхочунна и мел дерг
а гира. Оццу дийнахь Іекхран-гІала юхабирзира
уьш. 17 ПІелаштамхоша шайн Далла хьалха болу
бехк токхуьйтуш сагІина даийтина долу суьрташ
дара: цхьаъ – Ашдод-гІалин цІарах, важа – Іази-
гІалин цІарах, важа цхьаъ – Ашкхилун-гІалин
цІарах, кхин цхьаъ – Гати-гІалин цІарах, ткъа кхин
цхьаъ – Іекхран-гІалин цІарах. 18 Ткъа дашо дехкий
хІора пІелаштамхойн гІалин куьйгалхочун цІарах
хилла ца Іаш, хІора чІагІйинчу гІалин цІарах а,
дІайиллина лаьттачу яртийн а цІарах дара. Везачу
Элан деза тІорказ тІехІоттийна хилла болу тІулг
хІинца а байт-шамашхо волчу ЮшаІан аренгахь
Іуьллуш бу, цигахь хиллачунна тоьшалла а деш.
19 Байт-Шамашерачу бахархошна Дала чІогІа таІзар
дира, уьш Везачу Элан дезачу тІорказ чу хьаьжна
аьлла. Цо кхузткъе итт стаг † вийна хилла и бахьана
долуш. Цу тайпана чІогІа таІзар Везачу Эло шайна
дича, адам дилхира. 20 Байт-Шамашерачу
бахархоша элира: «Везачу Элана хьалха латта мила
хьакъ ву? Иза Сийлахь Дела ма ву! Вай долчуьра
хьанна тІе хьур ду Везачу Элан деза тІорказ?»
21 Кхиръят-ЯІарим цІе йолчу гІала бахийтина цара
шайн геланчаш хабар эцна: «ПІелаштамхоша
Везачу Элан тІорказ юхадаийтина. Схьа а дуьйлий,
иза шайга дІахьо», – аьлла.

† *Кхузткъе итт стаг. Грекийн меттан гочдар тІехь *– пхи эзар кхузткъе итт стаг.**

7 ††Кхиръят-ЯІарим-гІаларчу бахархоша Везачу
Элан деза тІорказ, схьа а эцна, гуна тІехь
лаьтташ долчу Абинадабан цІа чу схьадеара. Цул
тІаьхьа цуьнан кІант ЭлиІазар Везачу Элан
тІорказна дола дан къобалвира.

### Шамъала Исраилан махкахь куьйгалла до

2 И деза тІорказ Кхиръят-ЯІариме кхаьчна дукха
а хан елира – ткъа шо геррга. Исраилан халкъ Веза
Эла лоьхуш дара. 3 Шамъала дерриге а Исраилан
халкъе элира: «Шу доггах Везачу Элана тІедерзахь,
аша кхечу къаьмнийн деланаш шайн дага чуьра
дІабаха беза. Аша *Іаштарт* цІе йолчу далла бина
болу цІуш дІабаха беза. Шайн дегнашца шу Везачу
Элана тІедерза, Цунна цхьанна гІуллакх а де.
ТІаккха Цо шу пІелаштамхойн баланех
кІелхьардохур ду». 4 Исраилхоша БаІалан а,
Іаштартан а цІуш дІабехира. Уьш Везачу Элана бен
гІуллакх а ца деш дІабуьйлабелира.
5 Шамъала элира: «Массо а исраилхой МицІпа-
гІалахь схьагулбе. Аса Везачу Эле сайн доІанна
тІехь шу доьхур ду». 6 Массо а исраилхой МицІпа-
гІалахь схьагулбелира. Хи, схьа а оьцуш, Везачу
Элана хьалха охьадуттура цара. Массо а цу
дийнахь *марха* кхобуш вара. Цара бохура: «Везачу
Элана хьалха оха къинош латийна».
Шамъал МицІпа-гІалахь царна юкъахь кхел еш
вара.
7 Шайна исраилхой МицІпа-гІалахь гулбеллийла
хиъча, пІелаштамхой, шайн куьйгалхой коьртехь а
болуш, исраилхошна тІелата кечбелира. Иза шайна
дІахиъча, исраилхой чІогІа кхерабелира. 8 Цара
Шамъале дехар дира: «Вайн Везачу Деле хьайн
доІанна тІехь, тхо пІелаштамхойх кІелхьардаха
бохуш, доьхучуьра саца ма сацахьара хьо!» – аьлла.
9 Шамъала, бекхачуьра къастоза болу Іахар схьа а
эцна, цунах Везачу Элана лерина долу сагІа
даьккхира, Исраилан халкъана гІо доьхуш. Цуьнан
доІа Везачу Элана дІахезира. 10 Шамъала сагІа
доккхучу хенахь пІелаштамхой исраилхошца тІом
бан баьхкира. Амма Везачу Эло пІелаштамхошна
тІехь чІогІа стигал къовкъийра, уьш инзар а бохуш.
Цуьнан гІоьнца уьш исраилхоша эшийра. 11 Цара
пІелаштамхой МицІпа-гІалара лаьхкина,
хІаллакбеш, Байт-Кара кхаччалц дІабигира. 12 Цул
тІаьхьа Шамъала, тІулг схьа а эцна, иза МицІпаний,
Шан-юртаний юккъе охьабиллира. Цу тІулган цІе
Абани-Іазар тиллира цо (иза «гІо ден тІулг» бохург
ду). Шамъала элира: «Везачу Эло хІокху метте
кхаччалц вайна гІо дина». 13 Иштта дІатебина хилла
пІелаштамхой. Уьш кхин Исраилан махкана тІелата
оьхуш а ца хилла. Шамъалан куьйгалла
исраилхошна тІехь мел ду, Везачу Эло
пІелаштамхошна тІера Шен куьг дІадоккхуш ца
хилла. 14 Исраилхоша Іекхрана тІера дуьйна Гати-
гІалина тІе кхаччалц Іоккхуш йолу шайн гІаланаш а,
царна гонахьара меттигаш а схьаехира

†† *7:1 Дауд 6:2-4; 1 Шерашкахь 13:5-7.*

пIелаштамхошкара. Исраилхошний, эмархошний юккъехь машар дIахIоьттира.

[15] Ша мел веха Шамъал Исраилан мехкан куьйгалхо хилла лелла. [16] ХIора шарахь, махкахула волалой, Бетал-гIала а, Галгала а, МицIпа-гIала а кхочуш хилла иза. Цу массо а меттигашкахь исраилхошна юкъахь кхел еш, нийсо еш хилла цо.
[17] Цигахула ша чекхваьлча, иза Раме дIавоьдуш хилла. Цигахь дара цуьнан цIа, цигахь йора цо Исраилан халкъана юкъахь кхел. Кхузахь цо Везачу Элана лерина долу сагIа доккху меттиг кечйира.

## Халкъо паччахь воьху

8 Шамъала ша къанвеллачу хенахь шен кIентий Исраилан махкахь кхелахой бина дIахIиттийра. [2] Воккхаха волчун цIе Юал хилла, шолгIачун цIе Аби-ЯхIу хилла. Уьш Беар-ШабаI цIе йолчу гIалахь кхелахой хилла. [3] Амма Шамъалан кIентий шайн дас дIакхехьначу новкъахула лелаш ца хилла. Цара кхаьънаш ийдеш хилла, къайлаха ахча схьа а оьций, харцкхелаш еш хилла. [4] Массо а Исраилан къано схьа а гулвелла, уьш Шамъал волчу Раме баьхкира. [5] †Цара элира: «Хьо воккха хилла, ткъа хьан кIентий ахьа схьабеанчу некъа тIера галбевлла. Ахьа тхуна тIехь паччахь дIахIоттавойла луур дара тхуна, цо тхайна тIехь куьйгалла дойла а луур дара, вукху къаьмнашна тIехь ма-дарра».

[6] Шамъална ца дезаделира цара шега паччахь дIахIоттаве алар. ТIаккха иза Везачу Эле доIа дан хIоьттира. [7] Цо жоп делира: «Хьайга наха бохург де. Цара дIатеттинарг хьо вац, Со ву. Царна ца лаьа Аса шайна тIехь паччахьалла дойла. [8] Аса уьш Мисар-махкара арабехира. Амма уьш, Со дIа а теттина, кхечу деланашна гIуллакх дан хIиттира. Иштта гIиллакх хьоьца а хIоттийна цара. [9] Цаьрга ла а догIий, цара бохург де. Амма нахе мел дерг а ма-дарра дIахьеде, паччахьан бакъонаш муха ю царна дIа а дуьйцуш».

[10] Шамъала шена Везачу Эло делла долу жоп ма-дарра дIахаийтира паччахь воьхуш ша волчу схьагулбеллачаьрга. [11] Цо цаьрга элира: «ХIара ду шуна аша воьхуш волчу паччахьо ден дерг: шун кIентий дIа а бигина, цо уьш шена гIуллакх дан дIахIиттор бу шуна. Цо уьш шен гIудалкхашна тIехь эскаран гIуллакх дан дIахIиттор бу, царах дошлой а бийр бу. Ткъа цхьаберш цуьнан гIудалкхана хьалха уьдуш лелар бу. [12] Цхьаболчарах цо цхьа эзар эскархочунна тIехь куьйгалхой бийр бу, вукхарах – шовзткъе итт эскархочунна тIехь. Паччахьо цхьаберш шена ялта кхио дIахIиттор бу, вуьш эскархойн гIирс кечбеш, гIудалкхийн цхьацца меженаш кечъеш хир бу. [13] Паччахьо шун зудабераш дIадуьгур ду, шена хаза хьожа йогIу хьакхарш деш, яа хIума кечъеш, бепиг доттуш гIуллакх дайта. [14] Паччахьо шун тоьлла долу кхаш а, кемсийн бошмаш а, *зайт-диттийн* бошмаш а, шуьгара дIа а яьхна, шен гонах болчарна дIайоькъур ю. [15] УьтталгIа дакъа дIадийначу лаьтта тIера а, кемсийн бешара а аша схьаэцначух цо шуьгара дIа а даькххина, шена уллорачарна а, кхин болчу ялхошна а дIалур ду. [16] Шун зударех а, божарех а болу леш а, уггар тоьлушха болу кегий нах †† а, варраш а – дерриге а паччахьо дIадуьгур ду шена гIуллакх дайта. [17] Кегийрачу бежанех уьтталгIа дакъа, дIа а даькххина, дIадуьгур ду. Ткъа шух цо шен леш дийр ду. [18] Цу хенахь аша, шаьш хаьржина волчу паччахьан куьйга кIелара дIадаха бохуш, Деле орца дохур ду, амма Везачу Эло шун доIанна жоп лур дац».

[19] Амма наха Шамъале ла ца дуьйгIира. Цара бохура: «ХIан-хIа! Тхуна тхайна тIехь куьйгалла дан паччахь веза. [20] ТIаккха бен хир дац тхо важа къаьмнаш санна. Тхан паччахьо тхуна тIехь куьйгалла дийр ду, тIемашкахь иза, тхуна хьалха а ваьлла, куьйгалла деш а лелар ву». [21] Шамъала, гулбеллачара дуьйцучуьнга ла а доьгIна, Везачу Эле иза дIадийцира. [22] Цо цунна жоп делира: «Ахьа цаьрга ладогIа деза! ДIахIоттаве царна тIехь паччахь». ТIаккха Шамъала Исраилан халкъе элира: «Шу хIинца шайн-шайн гIала дIагIо».

## Шамъалан Шаулаца вовшахкхетар

9 Къуша Бен-Яманан тайпанах схьаваьлла хилла. Иза ша Абуалан кIант хилла, ткъа Абуал Цараран кIант хилла. Цараp – Бахрутин кIант, ткъа Бахрути бен-яманхо волчу Апахьин кIант хилла. Ткъа Къуша ша махкахь цIе яхана стаг хилла.
[2] Цуьнан, Шаул цIе а йолуш, чIогIа хаза кIант хилла. Исраилан махкахь цул хаза цхьа а стаг ца хилла. Иза чIогIа лекха а хилла. Цунна гонах мел верг цуьнан белше бен кхочуш ца хилла. [3] Шаулан ден Къушин цхьайолу виркхелаш яйна хилла. Къушас Шауле элира: «Хьайца цхьа ялхо а эций, ваха а гIой, виркхелаш хьайна карайойла хьажа». [4] Уьш Эпраман лаьмнаш тIехула а, Шалшин латтанашкахула а, ШаIлиман латтанашкахула а хьоьжуш лийлира, амма виркхелаш царна ца карийра. Бен-Яманан латтанашкахь а лийхира цара уьш, амма виркхелаш цхьанхьа а яцара.
[5] Шаьш Цупин лаьтта тIе кхаьчча, Шаула шен ялхочуьнга элира: «ЮхагIо вайшиъ, сан дега, шен виркхелаш йиц а йина, вайшиъ бахьана долуш са ца гатдайта».
[6] Амма ялхочо цуьнга элира: «ХIокху гIалахь наха чIогIа лоруш а волуш Делан стаг ву Iаш. Цо мел аьлларг кхочушхуьлу. Вайшиъ иза волчу вахча, цо вайшиъ нийсачу новкъа ваккха мегара».
[7] Шаула шен ялхочуьнга элира: «Ваха-м гIур вара вайшиъ иза волчу, амма цунна яхьа хIума ма яц: тIоьрмаг чуьра бепиг а кхачийна, цунна дала цхьа а тайпа совгIат а дац вайгахь. Цу Делан стагана вай хIун лур ю?»

† *8:5 Карлабаькххинарг 17:14.*

†† *Кегий нах *– цхьана ширачу тептар тIехь: *бежанаш.**

8 Ялхочо цунна жоп делира: «Соьгахь *шекхалан*
доьалгIа дакъа хиллал дети ду. Иза аса цунна
дIалур ду, ткъа цо вайшиъ нийсачу новкъа воккхур
ву».
9 (Хьалха, Исраилан махкахь, нагахь санна цхьаъ
Делера хаам хиларе сатуьйсуш велахь, олуш хилла:
«Вало, Делера дерг гуш верг волчу гIо вай», –
хIунда аьлча цу хенахь пайхамарех «хиндерг гуш
болу нах» олура.)
10 Шаула шен ялхочуьнга элира: «Ахьа дика боху.
Воьду вайшиъ». Уьш Делан стаг волчу гIала
дIабахара. 11 ГIала боьдучу новкъахула ирхехьа
уьш хьалабовлуш, царна дуьхьал кхийтира хитIе
доьлхуш долу зудабераш. Цу шиммо цаьрга
хаьттира: «Кхузахь Iаш вуй Делера дерг гуш волу
стаг?»
12 Цара, жоп луш, элира: «Иза шуна хьалха
дIавоьдуш ву. Сихлолаш, хIунда аьлча иза тахана
кхуза веана, наха хьуьлла гу тIехь сагIа доккхуш
долу дела. 13 Шаьшшиъ гIала чукхаьчча, иза волчу
гIо, цу гу тIехь доккхуш долчу сагIанах кхетархьама
дIавахаза хила а мега шуна иза. Схьагулбелла болу
нах хIума яа буьйлалур бац, иза схьаваллалц. Цо
сагIа даккхар декъалдаллалц, цига кхайкхинчара а
ца йоу хIума. Сихло, иза цига дIавахаза хила а мега
шуна».
14 Уьш гIала дIабахара. ГIали дIакхаьчначул
тIаьхьа царна дуьхьалвогIуш вара сагIа доккхучу
ваха араваьлла волу Шамъал. 15 Шаул схьакхачале
цхьа де хьалха Делера хаам хиллера Шамъале:
16 «Кхана хIоккху хенахь Аса Бен-Яманан лаьттара
хьуна тIе цхьа стаг воуьйтур ву. Ахьа иза, Сан
къомана куьйгалхо хилийта, цунна тIе даьтта
дуттуш, къобалван веза. Цо Исраилан халкъ
пIелаштамхойх кIелхьардоккхур ду. Со диканца
хьаьжна Сайн къоме, хIунда аьлча цуьнан узарш
Суна схьахезна ду».
17 Шаул гинчу Шамъале Везачу Эло элира: «ХIара
ву хьуна Аса хьоьга вийцинарг. Цунах Сан къомана
куьйгалхо хир ву».
18 Шамъал гIалин кевнна тIекхаьчча, Шаула, тIе а
вахана, цуьнга хаьттира: «Хиндерг гуш волчу
стеган цIа мичахь ду?»
19 Шамъала цуьнга жоп делира: «Со ву Делера
дерг гуш верг. Суна хьалха а валий, хьуьлларчу
гуна тIе хьалавала. Тахана соьца яа хIума юур ю
аша. Аса Iуьйранна дIавохуьйтур ву хьо, хьан
дагахь мел дерг хьоьга дIа а эр ду. 20 Кхо де хьалха
яйна йолчу виркхелашна са ма гатде. Уьш
схьакарийна. Хьо вуй те Исраилан халкъо воьхуш
верг? † Адам хьоьга а, хьан ден цIийне а хьоьжуш
ма ду».
21 Шаула элира: «Бен-Яманан тайпанах ма ву со.
Исраилхойн тайпанашна юкъахь жимачарах ду
иза. Цу тайпанна юкъара тхан гара уггар а жимаха
ма ду. Ахьа иза соьга хIунда боху?»

† *Я иштта: *Исраилан махкахь уггар лууш дерг хьаьнга дала деза те?**

22 Шаьш гу тIе хьалабевллачул тIаьхьа Шамъала
Шауллий, цуьнан ялхой сов цIа чу бехира,
кхайкхина волчу ткъе итт стагана юкъахь хьалхара
меттигаш царна дIа а елира. 23 Шамъала яа хIума
кечъеш волчуьнга элира: «Аса хьайга: „Хьо
волчохь дIадилла“, – аьлла долу жижиган дакъа
схьада». 24 Цо ша ма-дарра гIогI схьа а деъна,
Шаулна хьалха охьадиллира. Шамъала †† элира:
«ХIара хьуна дитина ду. Хьайна хьалха охьа а
диллий, даа и. Иза нах схьакхойкхучу хенахь хьуна
леррина дитина дара».
Цу дийнахь Шаул Шамъалца хIума юуш Iийра.
25 Гуна тIера охьа а биссина, уьш гIала
схьабаьхкира. Шамъал Шаулаца тхов тIехь дуккха а
къамел деш Iийра ‡.

### Шаул, паччахь хаьржина, къобалво

26 Малх схьакхетачу хенахь уьш хьалагIевттира.
Шамъал Шауле тхов тIе хьала кхайкхира: «Кечло,
Аса новкъа воккхур ву хьо».
Шаул, хьала а гIаьттина, Шамъалца кертара
аравелира. 27 ГIалин йисте кхаьчча, Шамъала
Шауле элира: «Хьайн ялхочуьнга, вайна хьалха а
валий, дIаволало ала». Ялхо, хьалха а ваьлла,
дIаволавелира. «Ткъа хьо хIинца саца. Аса хьуна
хоуьйтур ду Дала сайга аьлларг».
10 Шамъала, зайтдаьтта чохь долу пхьегIа схьа
а эцна, цу чуьра даьтта Шаулна коьрта тIе
доьттира. Цунна оба а яьккхина, цо элира: «Везачу
Эло Шен тIаьхьенна тIехь куьйгалхо ван хьо
къобалвина. 2 Тахана хьо со волчуьра дIавоьдуш,
Бен-Яманан латтанашкарчу ЦIелцIахь олучу
меттехь, Рахьалан кошана уллохь цхьа ши стаг гур
ву хьуна. Цара хьоьга эр ду: „Ахь лоьхуш хилла
йолу и виркхелаш схьакарийна. Хьан да,
виркхелаш йиц а елла, чIогIа сагатдеш ву: ‘Сан
кIант цIа верзаван аса хIун дан деза техьа?’ –
бохуш“. 3 Цигара ваьлча, хьо кхочур ву Табур-
гIалара ножан дитт долчу. Цигахь хьуна гур ву
Далла лерина сагIа даккха Бетал-гIала воьдуш волу
кхо стаг. Царах цхьаьнгахь кхо буьхьиг хир ю,
вукхуьнгахь кхо бепиг хир ду, кхозлагIачуьнгахь
чагIар чохь долу *пIаьлдиг* хир бу. 4 Цара хьоьга
маршалла хоттур ду, хьуна ши бепиг а лур ду. Ахьа
уьш цаьргара схьаоьцур ду. 5 Цул тIаьхьа ГебаI-
гIаларчу сагIа доккху барз болчу кхочур ву хьо.
Цигахь пIелаштамхойн тоба хир ю гIаролехь
лаьтташ. Хьо гIали чу ваьлча, хьуна масех
пайхамар гур ву барза тIера охьавогIуш. Уьш, вота
а, зурма а, тайп-тайпана дечиган пондарш а
лоькхуш, шовкъ а еана, Делера болу хаамаш беш
хир бу. 6 Хьуна тIе Везачу Элан Са охьадуссур ду.
Цул тIаьхьа цаьрца ахьа а, шовкъ а еана, Делера
болу хаамаш бийр бу. ТIаккха хийца а велла, хьох
кхерла адам хир ду. 7 ХIара билгалонаш хьайна тIехь

†† *Ширачу гочдаршкахь: *Шамъала *Iебархойн меттан тептар тIехь: *цо.** ‡ *Грекийн гочдар тIехь: *Тхов тIехь мотт а биллина, Шаул дIавижира.**

кхочушхиллачул тIаьхьа хьайга далург де, хIунда
аьлча хьоьца Дела ву. [8] Сол хьалха а валий, Галгала
дIагIо. Со а дIавогIур ву цига, дийнаташ дагоран
сагIанаш а, барт баран сагIанаш а дахархьама.
ВорхI дийнахь соьга хьоьжуш Iе, тIаккха аса эр ду
хьоьга, хIун дан деза».
[9] Шаула Шамъал волчуьра дIаваха букъ
берзошшехь, Дала цунна керла дог делира, ткъа и
ерриге билгалонаш цу дийннахь кхочушхилира.
[10] Уьш ГебаI-гIаларчу сагIа доккхучу барза тIе
бевлча, царна масех пайхамар дуьхьалкхийтира,
Шаулна тIе Делан Са охьа а доьссира. Иза а
цаьрца, шовкъ а еана, Делера хаамаш беш
дIахIоьттира. [11] Шаул хьалха вевзаш хиллачара,
шайна хIара пайхамаршна юккъехь, цара дийриг а
деш, воллуш гича, вовшашка хоьттура: «ХIун хилла
Къушин кIантана? Шаулах а пайхамар хилла
техьа?» [12] †Царна юккъехь волчу цхьаммо элира:
«Ткъа цу пайхамарийн дай муьлш бу?» ХIетахь
дуьйна схьа олуш ду: «Шаул а ву техьа
пайхамаршна юкъахь?» [13] Шовкъ еъначуьра ша
юхавирзича, иза сагIа доккхучу барза тIе
хьалавелира.
[14] Шаулан ден вашас хьаьттира цуьнгий, цуьнан
ялхочуьнгий: «Шу стенга дахнера?»
Шаула жоп делира: «Виркхелаш лаха дахнера.
Уьш тхайна ца карийча, Шамъал волчу даьхкинера
тхо».
[15] Ден вашас юха а хьаьттира: «Схьадийцахьа, хIун
элира шуьга Шамъала?»
[16] Шаула жоп делира: «Шамъала тхоьга хаам
бира, виркхелаш схьакарийна аьлла». Амма
Шамъала шега паччахьаллех лаьцна дийцинарг цо
дIа ца дийцира.

### Шаул паччахь ву аьлла дIакхайкхаво

[17] Шамъала дерриг а Исраилан халкъ Веза Эла
волчу МицIпе схьакхайкхира. [18] Цо халкъе элира:
«Исраилан халкъан Везачу Дала боху: „Аса шу,
Мисар-махкара ара а даьхна, мисархойн куьйга
кIелара схьа а даьхна, кхечу паччахьийн Iазапера
кIелхьара а даьхна“. [19] Ткъа аша хIинца шайн Дела
дIатесна, Цо шаьш массо а балех кIелхьардохуш
хилла доллушехь. Аша Цуьнга элира: „Тхуна тIехь
паччахь хIоттаве“. ХIинца Везачу Элана хьалха,
шайн тайпанаш а, гаранаш а билгал а дахий,
дIахIитта».
[20] Шамъала Исраилан халкъан дерриг тайпанаш
шена тIе даладайтира. Царна юккъера Бен-Яманан
тайпа къастийра цо. [21] ТIаккха цу тайпанах болчу
нахе шайн гаранашца тIедуьйла элира цо. Царна
юкъара МатIарин гара хаьржира. ТIаьххьара а
Къушин кIентан Шаулан цIе яьккхира. Амма Шаул
лаха хIиттича, иза кара ца вора. [22] ТIаккха цара
Везачу Эле юха а хаьттира: «ВогIур вуй кхин цхьа а
кхуза?»

† *10:12 Шамъал 19:23, 24.*

ТIаккха Везачу Эло жоп делира: «ВогIур вац. Шаул
хьуьлла аша шайца схьаеана йолчу хIуманаш
юккъехь лечкъуина Iаш ву».
[23] Наха, бевдда цига а бахана, Шаул цу хIуманаш
юккъера схьаваьккхира. Иза нахана юккъе
дIахIоьттича, уьш цунна белше бен ца кхочура.
[24] Шамъала халкъе элира: «Гой шуна, Везачу Эло
мила хаьржина? И санна верг дерриг халкъана
юкъахь кхин вац».
ТIаккха наха мохь бетташ бохура: «Декъала
хуьлда паччахь!»
[25] Шамъала нахе йийцира паччахьан бакъонаш.
Цу бакъонах лаьцна тептар а яздина, иза Везачу
Элана хьалха охьадиллира. Цо нах хIора шен-шен
цIа дIабахийтира. [26] Шаул а ГебаIе шен цIа вахара.
Цуьнца Дела шайн дага чу вижна болу майра нах а
бара. [27] Ткъа вочу наха бохура: «Цуьнга дахалур ду
вай кIелхьара?» Уьш цунах баша а ца бешира, я
цунна совгIаташ а ца кховдийра. Цара и сурт
хIоттийнехь а, Шаула цу нахе хIумма а ца элира.

### Шаула Iамминхой эшабо ††

11 Iамминхойн паччахь волчу Нахьаша, шен
эскархошца схьа а веана, ГалIадерчу Явеш-
гIалина го бира. Массо а цу гIаларчу бахархоша
Нахьаше элира: «Тхоьца барт бе, ткъа тхо хьуна
гIуллакх деш лелар ду».
[2] ТIаккха Нахьаша цаьрга элира: «Аса шуьца барт
бийр бу, амма шуна цхьа декхар тIе а дожош: шун
хIораннан а аьтту бIаьрг баккхарца дерриг а
Исраилан халкъ юьхьIаьржачу хIоттор ду ас».
[3] ТIаккха Явеш-гIаларчу къаноша цуьнга элира:
«Тхуна ворхI де хан лахьара ахьа, Исраилан махка
массо а маьIIе геланчаш бахийта. Нагахь цхьаммо
а тхуна гIо ца дахь, тхо хьуна тIе догIур ду».
[4] Геланчаш Шаул Iаш волчу ГебаI-гIала баьхкира.
Цара шайна тIехIоьттинарг дерриг а халкъана
дIадийцира. Массо а адам, мохь хьоькхуш, делха
доладелира. [5] Стерчашна тIаьхьа а хIоьттина,
аренгара цIа вогIуш хилла Шаул. Цо хаьттира:
«Адамашна хIун хилла? Уьш стенна боьлху?» Цунна
Явеш-гIалара баьхкинчара деанарг дIадийцира. [6] И
хIума цунна дIа-ма-дийццинехь, Делан Са Шаулна
тIе Шен ницкъаца охьадоьссира. Шаул чIогIа
оьгIазвахара. [7] Цо, ши сту схьа а лаьцна, царах
дакъош а дина, уьш Исраилан мехкан массо а
маьIIе цу геланчашка дIасадахьийтира, массарна
дIа а хоуьйтуш: «Иштта доькъур ду Шауланий,
Шамъаланий тIаьхьа ца хIиттинчеран стерчий», –
аьлла.

†† *Дуьра ХIорд болчохь карийначу тептарш тIехь *– Нахьаша, Iамминан кIентийн паччахьо, баккхий бохамаш бохура Гадин а, Раабанан а бахархошна. Цо хIораннан а аьтту бIаьрг а баьккхина, цхьаьнгге а царна гIо ца дойтура. Цо иштта Йордан-хи йистехь малхбалехьа йолчу агIор вехаш волчу хIора исраилхочун а баьккхира аьтту бIаьрг. Цундела ворхI эзар исраилхо Iамминхой болчуьра ГалIадерчу Явеш-гIала ведда дIавахара. Бутт баьлча…*

Адам Везачу Элах а, Цо ницкъ беллачу Шаулах а
чIогIа кхераделира. Массо а адам, цхьаъ санна
хилла дIахIоьттина, цунна тIе дахара. 8 Шаула
Безакх-гIалахь уьш схьагулбира: Исраилан махкара
кхо бIе эзар стаг вара, ЯхIуд-махкара ткъе итт эзар
стаг а вара. 9 Цара геланчашка элира: «ГалIадерчу
Явеш-гIалин бахархошка дIаала: „Кхана малх
схьакхеттачул тIаьхьа царна гIо кхочур ду“».
Геланчаша, юха а баьхкина, иза нахе дIаэлира. Уьш
чIогIа гIадбахнера. 10 Явеш-гIалин бахархоша
Iамминхошка элира: «Тхо кхана дIадогIур ду.
Шайна дан луург дийр ду-кх аша тхуна».
11 ШолгIачу дийнахь схьагулделла долу халкъ
Шаула кхаа тобане дийкъира. Iуьйранна, сахилале,
уьш Iамминхойн *меттаматтана* юккъе лилхира,
делкъахан тIекхачале цара уьш эша а бира.
ТIаьхьабисинарш, шиъ цхьаьна воцуш,
дIасабевдира. 12 ТIаккха халкъо Шамъале элира:
«Мила ву: „Шаула дийр дара тхуна тIехь
паччахьалла?“ – баьхнарг? Схьало уьш тхоьга, оха
уьш бойур бу!»
13 Амма Шаула элира: «Таханлерчу дийнахь цхьа а
стаг вен йиш яц: тахана Везачу Эло Исраилан
халкъ кIелхьардаьккхина!»
14 Шамъала халкъе элира: «Дуьло, Галгала дIагIо
вай, юха а паччахьалла дIахIоттор ду вай».
15 Дерриг а адам Галгала дIадахара. Цигахь, Везачу
Элана хьалха, Шаул, паччахь веш дIа а хIоттийна,
Делаца барт беш сагIанаш дехира цара. Шаулан а,
дерриге а Исраилан халкъан а чIогIа
самукъаделира цу дийнахь.

### Шамъала халкъе кхайкхам бо

12 Шамъал дерриге а Исраилан халкъе
вистхилира: «Аша мел аьллачуьнга ла а
доьгIна, ас шуна тIехь паччахь дIахIоттийна. 2 Иза
хIинца шуна тIехь лаьтташ ву. Ткъа со къан а велла,
къеж а велла. Делахь а сан кIентий шуьца бу. Со
шун коьртехь лаьттина жима волуш дуьйна, хIара
хан тIекхаччалц. 3 Со хIинца шуна хьалха ву. Везачу
Элана а, Цо къобалвинчунна а хьалха тоьшалла
дан мегар ду шуна соьгара даьллачу гIалаташна.
Шуьгара цхьаьнггара а сту я вир схьаяьккхиний
аса? Шуна цхьанна а халахетар диний, гIело
йиний? Я кхаьънаш оьцуш, шуьгара даьллачунна
тIехь сайн ши бIаьрг дIакъевлина аса? Схьаала
соьга, иза аса шуна юхадерзор ду».
4 Исраилхоша жоп делира: «Ахьа тхуна хала а ца
хетийтина, я гIело а ца йина, я тхоьгара
цхьаьнггара а кхаьънаш а ца эцна».
5 Шамъала цаьрга элира: «Везачу Элана а, Цо
къобалвинчунна а хезаш ду тахана аша со бахьана
долуш дина долу тоьшалла. Царна гуш ду соьгара
къилахь долу хIума ца даьллийла».
«Веза Эла теш ву», – элира цара.
6 †ТIаккха Шамъала нахе элира: «Веза Эла ву Муса
а, АхIарон а ДIахIоттийнарг, шун дай Мисар-
махкара Арабаьхнарг. 7 Шу кхузахь совца. Аса
хIинца Везачу Элана хьалха шух бехк боккхур бу,
Цо шуна а, шун дайшна а дина дика гIуллакххаш
дага а доуьйтуш. 8 ††Якъуб Мисар-махка дIавахча,
шун дайша Везачу Эле шайн бала дIабелхийра.
Везачу Эло Мусай, АхIаронний вахийтира шун
дайшна гIо дан. ТIаккха цушиммо, шун дай Мисар-
махкара ара а баьхна, уьш кхузахь баха
охьаховшийра. 9 ‡Амма царна шайн Дела волу Веза
Эла вицвелира. Царна дуьхьал тIом бина болчу
пIелаштамхойн а, Муаби-мехкан паччахьан а,
Хьацор-гIалин тIеман хьаькам волчу Сисрин а
куьйга дIабелира уьш Везачу Эло. 10 ‡†ТIаккха уьш
Везачу Эле, мохь а бетташ, дехарш дан
буьйлабелира. Цара бохура: „Оха тхайх къа
латийна. Веза Эла виц а вина, цIушна БаIалгIарний,
IаштартгIарний гIуллакх дан хIиттира тхо.
МостагIчун карара тхо схьадахахьара Ахьа. ТIаккха
тхо, Везачу Элана тIе а дирзина, Цунна гIуллакх а
деш, лелар дара“. 11 ‡‡ТIаккха Везачу Эло ГадIаний
‡‡†, Беданний ‡‡‡, Яптаххьий, Шамъаллий, шуна
гонах лаьттачу мостагIех шу кIелхьардаха аьлла,
бахийтира. Цул тIаьхьа шу, шайна гонахьара цхьа
а кхерам боцуш, даха хевшира. 12 §Амма
Iамминхойн паччахь Нахьаш шайна
дуьхьалваьлла гича, аша соьга элира: „Паччахье
паччахьалла дайта тхуна тIехь“, – Веза Дела шайн
Паччахь воллушехь!
13 ХIара ву шуна аша, воьхуш, хаьржина волу
паччахь. Везачу Эло иза шуна тIехь паччахь вина
дIахIоттийна. 14 Аша шайн Веза Дела лара веза,
Цунна гIуллакх деш, Цуьнан дош лоруш а хила деза
шу. Шу а, шун паччахь а Цунна муьтIахь хилахь,
шун дахар дика хир ду. 15 Амма Цуьнга ла а ца
дугIуш, Цо бохучунна шу, дуьхьал а дуьйлуш,
дIадуьйлалахь, Цуьнан куьг, шун дайшна санна,
шуна дуьхьалдер ду.
16 Ткъа хIинца, дIа а хIиттий, дика хьажа Везачу
Эло шайн бIаьргашна хьалха ден долчу доккхачу
гIуллакхе. 17 ХIинца ялта хьокху хан ю вайна. Аса
Везачу Эле доIа дийр ду, юха Цо, стигал къовкъош,
догIа доуьйтур ду. Юха шуна хуур ду, мел доккха
къа латийна аша Цунна хьалха, шайна паччахь
воьхуш».
18 Шамъал Везачу Эле доьхуш кхайкхира. Везачу
Эло, стигал а къовкъош, догIа даийтира цу
дийнахь. Дерриг а халкъ Везачу Элах а, Шамъалах
а чIогIа кхераделира. 19 Цара Шамъале элира:
«Хьайн Везачу Деле тхуна, Цуьнан лешна тIера,
доьхуш, доIа дахьара ахьа, тхо ма дайа алахьара
ахьа. Тхаьш летийначу къиношна тIе кхин а цхьа
къа латийна оха, тхайна паччахь а вехна».

† *12:6 Арадаккхар 6:26.*

†† *12:8 Арадаккхар 2:23.* ‡ *12:9 а: Куьйгалхой 4:2; б: Куьйгалхой 13:1; в: Куьйгалхой 3:12.* ‡† *12:10 Куьйгалхой 10:10-15.* ‡‡ *12:11 а: Куьйгалхой 7:1; б: Куьйгалхой 6:32; в: Куьйгалхой 4:6; г: Куьйгалхой 11:29; э: Шамъал 3:20.* ‡‡† *ГадIаний *– Iебархойн маттахь ма-дарра аьлча: *Яруб-БаIал.** ‡‡‡ *Бедан *– цхьадолчу ширачу гочдарш тIехь дIаяздина ду: *Баракх.** § *12:12 Шамъал 8:19.*

[20] Шамъала халкъе элира: «Ма кхера. И къа шу
латийна девлла. Амма Везачу Элах дIа ма херло,
цIеначу дагца Цунна гIуллакх а де. [21] Кхин цкъа а
хIумма а йоцучу деланашна тIе ма гIерта. Церан
шуна цхьа а тайпана дан гIо дац, хIунда аьлча уьш
шаьш кIад а йоцурш ю. [22] Шен цIе ларъярхьама
Везачу Эло Шен къам дIатесна дуьтур дац, хIунда
аьлча Шен лаамца Цо, шу Шен къам ду аьлла,
хаьржина. [23] Со а соцур вац шуна Везачу Эле
доьхучуьра. И тайпана къа аса сайх латор дац. Аса
шу нийсачу а, хьаналчу а новкъа дIадаха Iамор ду.
[24] Шу Везачу Элах кхералаш, шайн дерриг а дог тIе
а дерзадай, Цунна гIуллакх а делаш. Шуна гина-кх,
мел даккхий гIуллакхаш дина Цо шу бахьана
долуш. [25] Амма шу кхин а зуламаш деш лелахь, шу
а, шун паччахь а, норо дIахьокхуш йолу нехаш
санна, хIаллакдийр ду».

### Шаула дуьххьара Везачу Эло шена тIедиллинарг кхочуш ца до

13 [†] Цхьана шарахь паччахьалла дIакхехьна
Шаула. Исраилан паччахь ша волу шолгIа шо
дузучу хенахь, [2] цо кхо эзар исраилхо шена
дIахаьржина. Ши эзар стаг Шаулаца Бетал-ломана
уллорачу Михмасехь вара, цхьа эзар стаг
ЯхIунатица Бен-Яманарчу ГибаI-гIалахь вара, ткъа
кхин болу нах Шаула шайн-шайн цIа бахийтинера.
[3] ЯхIунатас ГибаI-гIалахь гIаролехь латтташ хилла
йолу пIелаштамхойн эскархойн тоба эшийна
хилла. И хIума пIелаштамхошна дIахиъна. Ткъа
Шаула, уьстагIан маIа а локхуьйтуш,
дIакхайкхадайтина: «Iебархошна хезийла!» – аьлла.
[4] Исраилан халкъана Шаула пIелаштамхойн
эскаран тоба эшийнийла а, Исраилан мохк церан
луьра мостагIа хилла дIахIоьттинийла а хиъча,
халкъ Шаул волчу Галгал-гIала схьагулделира.
[5] Ткъа пIелаштамхой исраилхошна дуьхьал тIом
бан кечбелира. Ткъе итт эзар гIудалкх, ялх эзар
говрахь волу тIемало, кхин а дуккха а адам кечдира
цара. ХIордан йистера гIум санна, дукха бара уьш.
Схьа а баьхкина, Байт-Аванна малхбалехьа
латтташ йолчу Михмасехь шайн *меттамотт*
дIахIоттийра цара. [6] Исраилхой кхийтира шайн
гIуллакх чIогIа кхераме дуйла. Уьш, гуро лаьцча
санна, Iаш бара. Цундела уьш хьехашна, чIажашна,
саьнгаршна чохь а, лаьмнашкарчу терхашна
юккъехь а, гIунаш чохь а дIалечкъира. [7] Цхьаболу
Iебархой, Йордан-хил дехьа а бевлла, ГалIадан а,
Гадин а долахь хиллачу мехкашка дIабахара.
Шаул цу хенахь а Галгалахь вара. Цуьнца цхьаьна
долу адам, чIогIа кхераделла, доьхна дара.
[8] [††]Шамъала шега ма-аллара, ворхI дийнахь
Галгалахь цуьнга хьоьжуш Iийра иза. Амма
Шамъал, схьа ца вогIуш, хьевеллера. Цундела
адамаш дIасаэха дуьйладелира. [9] Шаула элира:
«Схьадаладе суна дийнаташ дагоран а, барт баран
а сагIина леринарг». Цо цигахь Везачу Элана
лерина долу дийнаташ дагоран сагIа даьккхира.
[10] Амма иза и гIуллакх дина ваьлла жимма хан
ялале, Шамъал схьакхечира. Маршалла хатта
цунна дуьхьалвахара Шаул. [11] Шамъала цуьнга
хаьттира: «И хIун ду ахьа динарг?»
Шаула жоп делира: «Суна гира со волчуьра нах
дIауьдуш. Ткъа хьо, айхьа йиллинчу хенахь схьа ца
вогIуш, хьевеллера. ПIелаштамхой Михмасехь,
схьакхаьчна, латтташ бу. [12] ТIаккха аса ойла йира:
„ПIелаштамхой Галгала тIамца чубогIур бу, ткъа со
хIинца а Деле орца даккхаза ву“. Цундела аса
дийнаташ дагоран сагIа даьккхира».
[13] ТIаккха Шамъала Шауле элира: «Ахьа иза чIогIа
вон дина. Ахьа хьайн Везачу Дала хьайна
тIедиллинарг кхочуш ца дина. Иза хьоьгара ца
даьллехь, Исраилан махкахь хьан паччахьалла
Дала массо а ханна чIагIдийр дара, [14] [‡]амма хIинца
хьан паччахьалла лаьттар дац. Везачу Элана хьан
метта Шен даго къобалвеш волу стаг карор ву, иза
Цо Шен халкъана тIехь баьчча вина дIа а хIоттор
ву, хIунда аьлча ахьа Везачу Эло хьайна
тIедиллинарг кхочуш ца дина».
[15] Шамъал, хьала а гIаьттина, шен новкъахула
дIавахара. ТIаьхьабисинарш Шаул шен эскар долчу
дIавоьдучу хенахь цуьнца [‡†] Галгалара Бен-Яманан
ГебаI-гIала дIабахара, ткъа Шаула шеца бисина
болу нах багарбира. Уьш ялх бIе стаг ца кхоччуш
вара. [16] Шаул шен кIантаца ЯхIунатица а,
шаьшшинца бисина болчу нахаца а Бен-Яманан
ГебаI-гIалахь сецира, ткъа пIелаштамхой шайн
меттамотт латтачу Михмасехь бара. [17] Цигара
пIелаштамхойн эскаран кхо тоба араелира
Исраилан мохк, басса а бина, хIаллакбан. Царах
цхьа тоба ШуIал-аренна уллохь йолчу Iапру
боьдучу новкъахула дIаяхара, [18] ткъа важа тоба
Байт-Хьороне боьдучу новкъа елира, ткъа
кхоалгIаниг яьссачу арехьа йолчу ЦебаIим-аренан
дозане боьдучу новкъахула дIаяхара.
[19] Берриге а Исраилан махкахь цхьа а аьчк-пхьар
вацара, хIунда аьлча пIелаштамхой кхоьрура цара,
и говзалла кара а ерзийна шайна тарраш а,
гоьмукъаш а кечдарна. [20] Цундела массо а
исраилхо пIелаштамхой болчу эха дезаш хуьлура
шайн хьонхалш а, белаш а, дагарш а, маьрсаш а
ирдан. [21] ПIелаштамхойн аьчк-пхьераша цхьа жима
дато ахча доккхура хьонхалш а, белаш а ирйийриг.
Цул жимма сов дато ахча доккхура дагаран иралла
артъелча, я вед тоян езча. [22] Цундела Шаулаций,
ЯхIунатиций долчу халкъехь я тарраш а, я
гоьмукъаш а дацара. Уьш Шаулехь шегахь а,
цуьнан кIантехь ЯхIунатехь бен дацара.

† *Грекийн гочдар тIехь иштта дIаяздина ду: *«Ша паччахь хIоттийначу хенахь Шаулан ткъе итт шо дара. Иза шовзткъе шина шарахь Исраилан паччахь лаьттина».** †† 13:8 *Шамъал 10:8.*

‡ *13:14 Векалийн 13:22.* ‡† *...шен новкъахула дIавахара. ТIаьхьабисинарш Шаул шен эскар долчу дIавоьдучу хенахь цуьнца дIабахара *– хIара дакъа Грекийн гочдар тIера схьаэцна ду.**

[23] ПIелаштамхойн хьалхара тоба Михмасерачу
лаьмнел дехьадовларе дIаяхара.

### ЯхIунатас хьуьнар гойту

14 Цхьана дийнахь Шаулан кIанта ЯхIунатас
шен герз лелош волчу ялхочуьнга элира:
«Вало, дехьа агIор лаьтташ йолчу пIелаштамхойн
тобанна тIевоьду вайшиъ». Амма шен дега Шауле
цо иза ца хаийтира. [2] Шаул ГебаI-гIалин йистехь,
МагIран-гIалин уллохь лаьтташ долчу наран дитт
бухахь сецнера. Цуьнца цхьаьна ялх бIе стаг а,
[3] Шилунехь *динан да* а волуш, динан дайша лелош
йолу еза *ийпад* йоьхна волу АхьъяхIу а вара. (Иза
вара Ахьтубин кIант, ткъа Ахьтуби Ихвадин ваша
вара, Шилунехь динан да хиллачу Iелин кIентан
Пайнехьасан кIант.) Цигахь долчу халкъана
ЯхIуната дIавахнийла ца хаьара.
[4] ПIелаштамхойн эскаран тоба йолчу хIара шиъ
дехьавала кечвеллачу новкъахь дехьай, сехьай
лаьтташ чIогIа ира ши *тарх* яра. Цхьаннан цIе
БоцIацI яра, вукхун цIе Сенна яра. [5] Цхьа тарх
къилбаседехьара Михмасана тIейирзина лаьтташ
яра, важа ГебаI-гIалина къилбехьара тIейирзина
яра.
[6] ЯхIунатас шен герз лелош волчу ялхочуьнга
элира: «Вало, оцу дин доцучу сунтбаза болчеран
эскар долчу дехьа вер ву вайшиъ. Везачу Эло гIо
дан мега вайна, хIунда аьлча Цунна хала дац вайна
гIо дан, вай мел делахь а».
[7] Ялхочо кхуьнга элира: «Хьайн даго къобалдеш
дерг де. Хьо миччанхьа водахь а, со хьоьца ву
хьуна».
[8] ЯхIунатас элира: «Вайшиъ, уьш болчу дехьа а
ваьлла, царна гуччохь дIахIуттур ву. [9] Цара
вайшинга: „Тхо тIедахккалц цигахь латта“, – алахь,
вайшиъ, царна тIе а ца воьдуш, Iадда лаьттар ву.
[10] Нагахь санна цара: „Тхо долчу хьаладовла“, –
алахь, вайшиъ хьалавер ву. Иза вайшинга Везачу
Эло йина билгало хир ю, уьш вайшиннан кара
схьабелла аьлла». [11] И шиъ, хьала а ваьлла,
пIелаштамхошна гуччохь дIахIоьттича, вукхара
элира: «Iебархой шаьш дIалечкъинчу чIожа чуьра
арабовлуш бу». [12] Эскаран тобанна юкъахь болчара
кху шинга мохь туьйхира: «Хьаладовла тхо долчу,
оха цхьа хIума эр ду шуьга».
ЯхIунатас шен герз лелош волчу ялхочуьнга
элира: «Суна тIаьхьа схьавола. Уьш Везачу Эло
исраилхошна кара схьабелла». [13] ЯхIуната, когаш а,
куьйгаш а дIатуьйсуш, гунах хьалавала
волавелира, цунна тIехьа вогIуш цуьнан герз
лелош волу ялхо а вара. ХIара шиъ
пIелаштамхошна тIелетира. ЯхIуната, хьалха а
ваьлла, леташ вара, ткъа цо лазийнарш цуьнан
ялхочо бойура. [14] Цу шиммо ткъа стаг вийра. Шина
стеро цхьана дийнахь охун йолчу ах аренал йолчу
меттехь хилира церан пIелаштамхошца латар.
[15] ТIеман аренгахь болу пIелаштамхой а,
*меттаматтахь* лаьтташ болу эскархой а, хьалха
дIаяхийтина йолу эскархойн тобанаш а, чIогIа
кхераелла, йоьхнера. Латта дегош дара. Везачу Эло
уьш Iадийнера.

### ПIелаштамхойн эшор

[16] Бен-Яманан ГебаI-гIалахь лаьтташ болчу
Шаулан гIаролхошна гира яьржина дIасауьду
адамийн тоба. [17] Шеца долчу адамашка Шаула
элира: «Хьажал, вайна юкъара ара мила ваьлла».
Уьш хьаьжна бевлча, царна хиира ЯхIуната а,
цуьнан ялхо а шайна юкъахь воцийла. [18] Шаула
АхьъяхIуга элира: «Схьадал Делан деза тIорказ». Цу
хенахь Делан деза тIорказ исраилхошца дара †.
[19] Шаул динан деца къамел деш волчу хенахь
пIелаштамхой болчохь кхин а чIогIа гIовгIа елира.
ТIаккха Шаула динан дега элира: «Сацаде айхьа
долийнарг». [20] Шеца мел хиллачу адамца тIом
лаьттинчу метте дIавахара Шаул. ЧIогIа боьхна
хьийзаш болчу пIелаштамхойн эскархоша шайн
тарраш вовшашна дуьхьал даьхна хилла.
МостагIий боьхна хьийзаш хилла. [21] Эццахь
пIелаштамхошна гIуллакх деш цаьрца цхьаьна
хилла болу Iебархой Шаулаций, ЯхIунатиций
хиллачу исраилхойх дIакхетта. [22] Эпрайман
лаьмнаш тIехь дIалечкъина мел хилла волу
исраилхо, пIелаштамхой уьдуш буйла хиъча, тIом
беш болчу исраилхойх схьакхетта. [23] Цу дийнахь
Везачу Эло Исраилан халкъ кIелхьардаьккхира,
ткъа тIом Байт-Аване кхаччалц дIабаьржира.

### ТIом дIабирзинчул тIаьхьа хилларг

[24] Исраилхой чIогIа холчу хIиттинера цу дийнахь.
Шаула цаьрга аьллера: «НеIалт хуьлийла, аса сайн
мостагIашна тховса бекхам бина хан тIекхаччалц,
баьпках мотт тухун болчунна». Цхьаммо а юучу
хIуманах мотт ца туьйхира. [25] Мел долу адам
хьуьнах дIадахара. Цигахь царна моз карийра.
[26] Шаьш хьуьнна юккъе бахача, цара бохура:
«Кхузахь охьаоьхуш моз ду». Амма цхьаммо а шен
куьг бете ца даьхьира, хIунда аьлча адам шен дуй
къарбан кхоьрура. [27] ЯхIунатина шен дас аьлларг
ца хезнера. Цо шен карахь йолу гIаж, дIа а
кховдийна, мезан улха юккъе а Iоьттина, цу тIера
моз дIакхаьллира. Цуьнан ши бIаьрг серлабелира.
[28] Нахана юкъахь волчу цхьаммо цуьнга элира:
«Хьан дас нахе чIагIо яйтина тахана яа хIума ца
яийта. Цо цаьрга аьлла: „НеIалт хуьлийла тахана
хIума кхоллун волчунна“. Цундела ду адам чIогIа
гIелделла».
[29] ЯхIунатас цаьрга элира: «Сан дас халкъана
дуьхьал шегара гIалат далийтина. Хьажал сан
серлабевллачу бIаьргашка жимма и моз кхаллар
бахьана долуш. [30] Тахана наха шайн мостагIашкахь

---

† *«Схьадал Делан деза тIорказ». Цу хенахь Делан деза тIорказ исраилхошца дара *– Грекийн гочдар чохь дIаяздина ду: *«Схьаял Делан еза ийпад», – хIунда аьлча цу дийнахь и ийпад исраилхошна хьалха АхьъяхIус йоьхна яра.**

карийначух яа хIума йиъна хиллехь,
пIелаштамхойн эшар кхин а чIогIа хир дара».
31 Цу дийнахь Михмасера дуьйна Айлоне
кхаччалц исраилхоша эшийнера пIелаштамхой.
Уьш чIогIа кIадбелла, гIора дIадаьлла бара.
32 ЧIогIа мацбелла болу уьш, шайна карабеанчу
уьстагIашна, стерчашна, эсашна тIебетталуш,
царна арсаш а хьоькхуш, уьш цIийца цхьаьна дууш
бара. 33 †Шауле хаам бира: «Халкъ Везачу Элана
хьалха къа латош ду, цIийца цхьаьна хIума юуш».
Шаула цаьрга элира: «Аша шайх къа латийна.
Схьатаккхабе со волчу боккха тIулг». 34 Цул тIаьхьа
цо элира: «Адамашна дIахаийта: хIораммо, со
волчу шен сту я уьстагI схьа а балабеш, царна урс а
хьоккхуш, баа. Везачу Элана хьалха къинош ма
летаде, цIийца цхьаьна жижиг дууш». Наха
хIораммо а, шайн куьйгаца схьа а лоций,
буьйсанна сту схьабалабора. Циггахь иза бен а
боьра. 35 Шаула Везачу Элана сагIа даккха меттиг
кечйира. Иза яра цо дуьххьара кечйина йолу сагIа
доккху меттиг.
36 ТIаккха Шаула элира: «Буьйсанна
пIелаштамхошна тIаьхьадовла деза вай. Цаьргахь
мел ерг схьа а яьккхина, сахилале церан цхьа а
стаг дийна вуьтур вац вай».
Цара элира: «Хьайна бакъахьа мел хеташ дерг
де».
Амма динан дас элира: «Делах дагадовла деза
вай».
37 Шаула Деле хаттар дира: «ПIелаштамхошна
тIаьхьавала мегар дуй со? Ахьа царна таIзар
дойтур дуй тхоьга?» Амма цу дийнахь Дала жоп ца
делира Шаулна. 38 ТIаккха цо элира: «Массо а
халкъан куьйгалхой суна тIе бахкийта. Цаьрга,
халкъана юкъахь къа латийнарг муьлха ву хьожуш,
таллийта. 39 Аса Исраилан халкъ кIелхьардаьккхина
волчу Везачу Элах чIагIо йо, и къа латийнарг сан
кIант ЯхIуната велахь а, иза а лийр ву аьлла». Амма
гулделлачу халкъана юккъера цхьаммо а жоп ца
лора. 40 ТIаккха Шаула Исраилан халкъе элира: «Шу
массо а цхьаьна агIор дIахIотта, ткъа вукху агIор
сой, сан кIант ЯхIунатий хIуттур ву».
Наха Шауле элира: «Хьайна бакъахьа хеттарг де».
41 ††Шаула Везачу Эле элира: «Исраилан халкъан
Дела! Бакъдерг гайтахьа тхуна» ‡.
Гулбеллачарна дай, кIанттий бехке хилар гира.
Ткъа халкъ бакъдеш хиларан билгало а хилира.
42 ТIаккха Шаула элира: «Суний, сан кIантаний
юкъахь кхаж таса». ЯхIунатина кхаж белира.
43 Шаула ЯхIунате хаьттира: «Схьадийца соьга, хIун
даьлла хьоьгара?»
ТIаккха ЯхIунатас дIадийцира: «Аса, сайгара гIаж
чу а Iоьттина, жимма моз кхаьллира. Ткъа и хIума
бахьана долуш со вала везаш вуй? ‡†»
44 ТIаккха Шаула элира: «Нагахь санна ЯхIуната
лийр вацахь, Дала суна со валлал чIогIа таIзар
дойла!»
45 Амма халкъо Шауле элира: «Массо а халкъ
кIелхьардаьккхина волу ЯхIуната вуй техьа вала
дезаш верг? Иза хир дац! Дийна волчу Везачу Элах
оха чIагIо йо: цуьнан коьртара цхьа а чо лаьтта
охьабужур бац! Дела шеца волуш дина цо
пIелаштамхой а эшош динарг». ЯхIуната халкъо,
вен а ца воьйтуш, паргIат витира.
46 ПIелаштамхошна тIаьхьаваьллачуьра Шаул
юхавирзира, ткъа вуьш шайн махка дIабахара.

### Шаулан паччахьаллах а, цуьнан доьзалх а лаьцна

47 Шаула Исраилан махкахь шен паччахьалла
дIахIоттийра. Шена гонах мел волчу массо а
мостагIчуьнца тIом беш чекхвелира иза: Муабица
а, Iамминхошца а, Эдомца а, Цобарчу паччахьашца
а, пIелаштамхошца а. Ша тIом мосазза бо, толам а
боккхура цо. 48 Iамалекхана тIехь цо баьккхина
толам бахьана долуш, Исраилан халкъ цуьнан
талорхойх кIелхьардаьккхира.
49 Шаулан кIентийн цIераш яра: ЯхIуната, Ишви,
МалкишаI. Шаулан йоккхаха йолчу йоIан цIе
Мираба яра, жимаха йолчун цIе Михула яра.
50 Шаулан зудчун цIе АхьнуIмат яра. Иза
АхьимаIацан йоI яра. Цуьнан эскаран хьаькаман
цIе Абунар яра. Иза Шаулан ден вешин Неран кIант
вара. 51 Шаулан да Къуша а, Абунаран да Нер а
Абуалан кIентий бара.
52 Шаул ша мел веха пIелаштамхошца тIом беш
хилла. Шена майра а, доьналла долуш а волу стаг
гича, иза ша волчу дIавуьгуш хилла цо.

### Шаула шолгIа а Везачу Эло тIедиллинарг кхочуш ца до

15 ‡‡Шамъала Шауле элира: «Везачу Эло со
ваийтина Исраилан халкъана тIехь хьан
паччахьалла къобалдан. ХIинца Везачу Эло
бохучуьнга ладогIа. 2 ‡‡†Массо а ницкъийн Везачу
Эло боху: „Дагадаийтира Аса Сайна Iамалекха
Исраилан халкъана динарг: Мисар-махкара халкъ
цIа доьрзучу хенахь иза цунна дуьхьал валар.
3 ХIинца, ваха а гIой, Iамалекхана тIелата, цуьнан
мел долу хIума, къинхетам ца беш, хIаллакде.
Массо а ве: зударий, божарий, бераш, декхаш долу
бераш. Дерриг: етт, сту, уьстагI, эмкал, вир – ша мел
долу хIума, дей, дIадаккха“».
4 Телаим олучу меттехь Шаула вовшахтуьйхира
шен эскар. Царна юккъехь ши бIе эзар гIашло
вара, цул сов, итт эзар стаг ЯхIудан тайпанах а
вара. 5 Шаул Iамалекхахойн гIалина тIекхаьчнера.

† 14:33 Доладалар 9:4; Iамалъяр 7:26, 27; 17:10-14; 19:26; Карлабаьккхинарг 12:16, 23; 15:23. †† 14:41 Лелар 27:21; Шамъал 28:6. ‡ Грекийн гочдар тIехь яздина ду: *Цул тIаьхьа Шаула Исраилан Дела волчу Везачу Эле элира: «Хьан ялхо волчунна тахана жоп хIунда ца делира Ахь? Исраилан Дела волу Веза Эла, сан, я сан кIентан ЯхIунатин бехк белахь, жоп ло безачу Урим-тIулгехула. Нагахь санна Хьан Исраилан халкъ бехке делахь, безачу Тумим-тIулгехула жоп ло».*

‡† Ткъа и хIума бахьана долуш со вала везаш вуй? *– я иштта: *Со кхузахь ву. Со вала кечвелла ву!* ‡‡ 15:1 Шамъал 10:1. ‡‡† 15:2 Арадаккхар 17:8-14; Карлабаьккхинарг 25:17-19.

ТогIи чохь царна кIело ян охьахиира иза. 6 Шаула
кхенахошна тIе хабар дахьийтира: «Iамалекххахойх
дIакхеттачуьра дIакъаста, шаьш соьга дайа ца
дайийта. Аша Мисар-махкара схьадогIучу хенахь
Исраилан халкъана гIо дина». Кхенахой
Iамалекххахошна юкъара дIакъаьстира.
7 Шаула Хьавилара дуьйна Мисар-махкана
малхбалехьа Iуьллучу Шур-гIалин йистошка
кхаччалц эшийра Iамалекххахой. 8 Церан паччахь
АгIаг Шаула дийна волуш схьалецира, ткъа цуьнан
дерриге а халкъ хIаллакдира. 9 Амма Шаула а,
цуьнан эскаро а АгIагах къинхетам бира, дико долу
уьстагIий а, стерчий а, дерстана долу эсий а,
Iахарий а дитира, иштта дика мел долу хIума а,
доха ца деш Iаддитира, ткъа оьшуш мел доцу хIума
дохийна дIадаьккхира.
10 ТIаккха Шамъале долу Делан дош иштта дара:
11 «Со чIогIа дохковаьлла Айса Шаул паччахь вина
дIахIотторах. Сох дIа а вирзина, Сан дош цо кхочуш
ца дина». Иза шена хиъча, Шамъал чIогIа
оьгIазвахара. Буьйса, Везачу Эле кхойкхуш,
яьккхира цо. 12 Сахуьлуш Шамъал, хьала а
гIаьттина, Шаулна дуьхьалвахара. Амма цуьнга
хаам бира, Шаула, Кармал-гIала а вахана, цигахь
шен толамаш дагабоуьйтуш болу тIулг
дIахIоттийра аьлла, ткъа цигара ваьлча, иза
Галгала вахана аьлла. 13 Шамъал Шаулна
тIекхечира, ткъа Шаул вистхилира: «Везачу Эло
декъалвойла хьо. Аса Везачу Элан дош
кхочушдина».
14 ТIаккха Шамъала элира: «Сан лергашна хезаш
долу уьстагIийн а, стерчийн а аьзнаш мичара ду?»
15 Шаула элира: «Уьш Iамалекх волчуьра
схьадалийна ду. Оха тоьлла долу уьстагIий а,
стерчий а хьан Везачу Далла лерина сагIа даккха
дитира, кхин дерш хIаллакдира».
16 Шамъала Шауле элира: «Собар де, аса
дIадуьйцур ду хьоьга Везачу Эло буьйсанна хьо
бахьана долуш аьлларг».
Шаула цуьнга элира: «Схьадийца».
17 ТIаккха Шамъала элира: «Хьуна-хьайна а хьо
жима а, хьал доцуш а хетташехь, ца хIоттийнера
Исраилан халкъан тайпанашна коьрте? Хьо иштта
воллушехь, Везачу Эло къобал ца винера хьо
Исраилан халкъана тIехь паччахь вина дIахIотта?
18 Везачу Эло хьо хIокху дешнашца новкъа
ваьккхинера: „Ваха а гIой, и къинош летийна болу
Iамалекххахой хIаллакбе. Уьш, байина, дIабаххалц,
тIом бе цаьрца“, – аьлла. 19 Везачу Эло хьайга
аьлларг хIунда ца дира ахьа? Стенна кхийтира хьо
ижуна тIе, Везачу Элан бIаьргашна хьалха вон
деш?»
20 Шаула Шамъале элира: «Везачу Эло бохучуьнга
ла а доьгIна, Цо аьллачу новкъа велира со.
Iамалекххахойн паччахь АгIаг аса схьавалийна, уьш
мел берш хIаллак а бина. 21 Ткъа наха шайна
яьллачу ижуна юккъера тоьлла долу уьстагIий а,
стерчий а схьахахьаржира Галгалахь хьан Везачу
Далла лерина сагIа даккха».
22 Шамъала цунна жоп делира:
«Ахьа доккхуш долу сагIа а, дагош долу бежанаш а
деза хета те Везачу Элана,
хьо Ша бохург а деш дIахIоттарал?
Цуьнга ладугIуш хилар сагIа даккхарал а деза ду,
ткъа Цунна муьтIахь хилар уьстагIан махьаран
даьттанал а дезах ду,
23 хIунда аьлча муьтIахь цахилар, бозбунчалла
лелор санна, къилахь ду,
ткъа шен лааме а ваьлла, дуьхьалвалар *цIу-динах*
тешар санна ду.
Ахьа Везачу Элан дош дIататтар бахьана долуш,
Цо хьо дIатеттина,
Исраилан халкъан паччахь ца хилийта».
24 Шаула Шамъале элира: «Везачу Элан дашна
тIера а, хьан лаамна тIера а ваьлла, аса сайх къа
латийна. Со нахах кхеравелира, цундела цара
бохург дира аса. 25 ХIинца аса сайна къинтIера
валар доьху хьоьга. Соьца юхаверзахьара хьо,
Везачу Элана соьга корта тохийта».
26 Шамъала Шауле жоп делира: «Со хьоьца
юхавогIур вац, хIунда аьлча ахьа Везачу Элан дош
дIатеттина, цундела Цо хьо юхатеттина Исраилан
халкъан паччахь ца хилийта».
27 †Шамъал дIаваха дагахь дIавирзира. Амма
вукхо цуьнан бедаран юх, катоьхна схьа а лаьцна,
ятIийра. 28 ТIаккха Шамъала элира: «ХIинца дуьйна
Везачу Эло Исраилан халкъана тIехь долу
паччахьалла хьох дIахадийна. Цо иза кхечуьнга
дIакховдийна, иза хьол тоьлуш волу дела.
29 Исраилан халкъан сийлахьчу Дала харцдерг а
дуьйцур дац, Иза дохко а вер вац, хIунда аьлча
Дела адам дац Шен лаам хийца».
30 ТIаккха вукхо элира: «Аса къа латийна. Делахь а
хIинца сан къоман къаношна хьалха а, со
Исраилан халкъана хьалха а ларий, соьца
юхаверзахьара хьо, тIаккха аса хьан Везачу Далла
Iибадат дийр дара». 31 Шамъал Шаулаца
юхавирзира. Шаула Везачу Элана Iибадат дира.
32 Цул тIаьхьа Шамъала элира: «Iамалекххахойн
паччахь АгIаг схьавалаве кхуза».
Шек а ца волуш ††, АгIаг цунна тIе веара. Цо
элира: «Валаран къаьхьаллах со в�ла ма ваьлла?»
33 Амма Шамъала элира: «Хьан туьро нанойх
бераш ма-даххара, хьан нана а йолийла шен
кIантах». Галгалахь Везачу Элана хьалха Шамъала
АгIаг, вен а вийна, цунах дакъош дира.
34 Шамъал Раме дIавахара. Ткъа Шаул ГебаI-
гIалахь долчу шен цIа вахара. 35 Цул тIаьхьа
Шамъална Шаул кхин ца гира ша велла
дIаваллалц, амма цо цунах лаьцна шен дага чохь
гIайгIа латтайора, хIунда аьлча Веза Эла
дохковаьллера Ша иза Исраилан халкъана тIехь
паччахь вина дIахIотторна.

† 15:27, 28 Шамъал 28:17; Сулим 11:30, 31. †† «Шек а ца волуш» *– Грекийн маттера гочдича: *«Кхерарна а вегош».*

### Исраилан халкъана тIехь Даудан паччахьалла къобалдар

16 Везачу Эло Шамъале элира: «Мел хир ву хьо
гIайгIане Аса Исраилан махкахь паччахь ца
хилийта Сайна уллора дIатеттина волу Шаул
бахьана долуш? Хьайн маIа зайтдаьттанах хьала а
юзий, Байтлахам-гIала гIо. Аса цигахь вехаш волу
Юшай волчу вохуьйту хьо. Цуьнан кIенташна
юкъара Аса Сайна паччахь хаьржина».
2 Амма Шамъала элира: «Со муха гIур ву цига?
Шаулна иза дIахааахь, цо со вуьйр ву».
Везачу Эло жоп делира: «Хьайца, цига воьдуш,
шинар дига. Хьо Везачу Элана лерина долу сагIа
даккха веана эр ду ахьа. 3 Айхьа сагIа доккхучу
хенахь Юшайга схьакхайкха. Цул тIаьхьа Аса
дуьйцур ду хьуна, хIун дан деза. Аса хьайга аьлларг
даьтта доттарца къобалвийр ву ахьа Суна».
4 Шега Везачу Эло ма-аллара, Байтлахам-гIала
ваха новкъа велира Шамъал. Иза цига дIакхаьчча,
цу гIалара къаной боьхна дуьхьалбевлира цунна.
Цара хаьттира: «Маршо яхьаш вогIий хьо?»
5 Цо жоп делира: «ВогIу. Со Везачу Элан дуьхьа
сагIа даккха вогIуш ву. Делан дуьхьа дIа а къастий,
соьца сагIа доккхучу дуьйла». Шамъала Юшай а,
цуьнан кIентий а Далла хьалха дIахIоттабан
кечбира. Уьш а кхайкхира цо сагIа доккхучу.
6 Уьш сагIа доккхучу схьабаьхкича, Шамъална
цигахь Элиаб гира. Цо ша-шега элира: «Везачу
Элана хьалха дIахIоьттина лаьтташ волу хIара хила
мега Цо къобалвинарг!» 7 Амма Везачу Эло
Шамъале элира: «Хьо цуьнан куьце а, цуьнан лекха
хиларе а ма хьежа. Иза вац Аса хаьржинарг. Со
адам санна ца хьожу стаге, хIунда аьлча адамаш
стеган юьхье хьожу, ткъа Веза Эла цуьнан даге
хьожу».
8 Юшайс, Абинадаб схьа а кхайкхина, иза
Шамъална тIевалийра. Шамъала элира: «ХIара а
вац Везачу Эло хаьржинарг». 9 ТIаккха Юшайс
Шама тIевалийра. Юха а Шамъала элира: «ХIара а
вац Везачу Эло хаьржинарг». 10 Иштта шен ворхIе а
кIант Шамъална тIевалийра Юшайс, амма
Шамъала элира: «Кхарах цхьа а ца хаьржина
Везачу Эло». 11 ТIаккха Шамъала Юшайга хаьттира:
«Массо а кIентий кхузахь буй хьан?»
Юшайс жоп делира: «Уггар жима кхин цхьаъ ву.
Иза хIинца жа дажош ву».
Шамъала Юшайга элира: «Цхьаъ вахийтий, иза
схьавалавайта. Иза схьаваллалц, вай хIума яа
охьаховшур дац». 12 Юшайс кIант схьавалавайта
бахийтира. Иза хьаьрса а волуш, хаза ши бIаьрг а
болуш, юьхь тIера чIогIа товш кIант вара. Везачу
Эло элира: «Хьала а гIаттий, иза къобалве. Аса
вуьйцург ву хьуна иза». 13 Шамъала, зайтдаьтта
чохь йолу маIа схьа а эцна, вежаршна хьалха
Даудан коьрта тIе даьтта доьттира. Цу дийнахь
дуьйна Везачу Элан Са Даудана тIе охьадоьссина
дара. Ткъа Шамъал, хьала а гIаьттина, Раме
дIавахара.

### Дауда Шаулна гIуллакх дар

14 Везачу Элан Са Шаулах дIакъаьстира. Цунна тIе
Везачу Эло дахийтинчу жино иза хьийзавора.
15 Шауле цуьнан ялхоша элира: «Делера долчу
жино хьийзош ву хьо. 16 Хьайна хьалха болчу
ялхошка дечиган пондар лакха хууш волу стаг
лахийта. Делера долу жин хьо волчу деача, цу стага
пондар а локхуш, хьан дагна хьаам бийр бу».
17 Шаула шен ялхошка элира: «Дечиган пондар
дика лакха хууш волу стаг, схьа а лахий, со волчу
схьавалаве».
18 Ялхошна юкъахь волчу цхьаммо элира:
«Байтлахам-гIалара волчу Юшайн кIант гина суна.
Цунна дечиган пондар лакха а хаьа, иза ша майра
а, вистхилар хьекъале долуш а, чIогIа товш стаг а
ву. Цуьнца Веза Эла а ву».
19 ТIаккха Шаула Юшай волчу хабар эцна геланча
вахийтира: «Хьайн бажа бажош волу кIант Дауд со
волчу ваийта», – аьлла. 20 Юшайс, шен вир схьа а
эцна, цунна тIе бепиг а, чагIар чохь долу *пIаьлдиг* а
биллина, жима буьхьиг схьа а эцна, уьш а, шен
кIант Дауд а Шаул волчу дIахьажийра. 21 Дауд Шаул
волчу дIакхаьчча, иза цунна гIуллакх дан
волавелира. Дауд чIогIа везавелира Шаулна, цо
цунах шен герзлелориг вира. 22 Юшайга хабар
дахьийтира Шаула: «Дауд со волчохь гIуллакх деш
сецна, хIунда аьлча цо деш долу гIуллакх суна
чIогIа тайна». 23 Делера долу жин Шаулна тIе охьа
мосазза дуссу, Дауда, схьа а оьций, дечиган пондар
локхура, тIаккха Шаулан са паргIатдолура.

### ГIолиата исраилхошка йохье кхойкху

17 ПIелаштамхоша шайн эскар тIамана
схьагулдира. Цара, ЯхIуд-махкарчу Соха-
гIалахь схьа а гулбелла, Соханий, Iазекхиний
юккъехь йолчу Эпас-Дамимахь *меттамотт*
дIахIоттийра. 2 Ткъа Шаул, исраилхошца цхьаьна
Эла-тогIи чохь шен меттамотт дIа а хIоттийна,
пIелаштамхошна дуьхьал тIом бан кечвелира.
3 ПIелаштамхой цхьана агIор лаьтташ болчу лам
тIе бевлира, ткъа исраилхой цунна дуьхьал
лаьттачу вукху лам тIе бевлира. Царна юккъехь
тогIи яра.
4 Ша Гати-гIалара а волуш, ГIолиат цIе йолу,
бIаьхо волу цхьа стаг пIелаштамхошна юкъара
схьавелира. Иза ялх † *дол* а, цхьа *ше* а хиллал лекха
вара. 5 Цуьнан коьртахь цIестах дина долу *гIем*
дара, тIедуьйхина цIестан пелагех дина гIагI дара.
Цу гIаьгIнан деккъа дозалла пхи эзар *шекхал* цIаста
хиллал дара. 6 Цуьнан когаш тIехь цIестан гола
тIеюхкурш яра, букъ тIехь цIестан горга тур а дара.
7 Цуьнан гоьмукъан гIаж, кIадидархочун гIирс
санна, еха яра, ткъа ша гоьмукъ ялх бIе шекхал

† *Ялх дол *– Грекийн гочдар тIехь: *диъ дол.**

эчиг хиллал бара. Цунна хьалха хIоьттина вогIуш
цуьнан доккха *турс* лелош верг а вара. 8 ГIолиат,
исраилхойн тIемалошна хьалха дIа а хIоьттина,
цаьрга мохь бетта волавелира: «ТIом бан стенна
кечделла шу? Со пIелаштамхо вац ткъа? Ткъа шу
Шаулан леш ду. Шайна юкъара соьца лата стаг
схьахаржа. 9 Нагахь, иза сох лата а летта, цо со
вехь, пIелаштамхой шун леш хир бу, ткъа нагахь,
со цунах тола а тоьлла, аса иза вехь, шу тхан леш
хир ду, тхуна хьалхара гIуллакх а деш».
10 ПIелаштамхочо кхин а элира: «Тахана аса
исраилхойн эскаре кхайкхам бо. Схьаваийта суна
тIе иштта волу стаг, тхойшиъ вовшахлетар ву!»
11 ПIелаштамхочо бохург шайна хезча, Шаул а,
исраилхой а, кхерабелла, Iадийнера.

### Дауд Шаулан меттаматтахь

12 ЯхIуд-махкарчу Байтлахам-гIалара волчу
эпратхочун Юшайн кIант вара Дауд. Юшайн бархI
кIант вара. Шаул паччахьан даржехь волчу
заманчохь Юшай чIогIа хан яьлла стаг вара.
13 Юшайн воккхаха волу кхо кIант Шаулца тIаме
вахнера. Цуьнан тIаме ваханчу кхаа кIентан
цIераш яра: уггаре воккхачун – Элиаб, шолгIачун –
Абинадаб, кхозлагIчун – Шама. 14 Дауд жимаха верг
вара. Воккхаха волу кхо кIант Шаулца волчу
хенахь, 15 Дауд Шаул волчу дIа а воьдий, цигара
юхавоьрзура, Байтлахам-гIалахь волчу шен ден
уьстагIий дажо.
16 Шовзткъа дийнахь пIелаштамхо, Iуьйранний,
суьйранний ара а волуш, исраилхошна ша гайта
дIахIуттура.
17 ТIаккха Юшайс шен кIанте Дауде элира: «Хьайн
вежаршна кхо сахь кхерзина буьртигаш а, итт
бепиг а эций, сихха церан меттамотт лаьттачу
дIагIо. 18 ХIара итт нехча тIеман коьртачу хьаькаме
дIало, хьайн вежарийн хьал-де хаа, уьш могуш-
маьрша хиларан билгало а я. 19 Шаул а, хьан
вежарий а, массо а исраилхо санна, Эла-тогIи чохь
пIелаштамхошца тIом беш бу».
20 Дауд, Iуьйранна хьалхе хьала а гIаьттина, шен
уьстагIий хехочуьнга дIа а делла, шен мохь схьа а
эцна, Юшайс шена тIе-ма-диллара, эскар лаьтташ
долчу дIавахара. ХIара дIакхаьчначу хенахь
эскархой тIом бечу могIаршкахь дIахIиттина
лаьттара. Маьхьарий а детташ, тIамана кечлуш
бара уьш. 21 Исраилхоша а, пIелаштамхоша а шайн
тIемалойн могIанаш дуьхь-дуьхьал дерзийнера.
22 Дауда, шегахь болу мохь тIеман гIирс ларбеш
волчу хехочуьнга дIа а белла, ведда эскархойн
могIанаш долчу юкъа а вахана, шен вежаршка хIун
хьал ду хаьттира. 23 Иза шен вежаршца къамел деш
волчу хенахь Гати-гIалара ГIолиат цIе йолу
пIелаштамхойн вовшахлатархо, шайн могIанашна
юкъара ара а ваьлла, мохь бетта волавелира.
Даудана цо бохург хезира. 24 Массо а исраилхо, и
стаг шайна ма-гиннехь, кхералой, цунах водура.
25 Исраилхоша бохура: «Гой шуна и къамел деш
волу стаг? Иза исраилхой емалбеш, царна луьйш
ву. Иза вийначунна паччахьо боккха бахам лур
бара, цуьнга шен йоI маре а йохуьйтур яра, цуьнан
доьзал Исраилан махкахь массо а кхечу нахана
тIедиллина долчу хIуманах мукъа а боккхур бара».
26 ТIаккха Дауда шеца лаьтташ болчу нахе элира:
«ХIун кхаъ хир бу, и пIелаштамхо вен а вийна,
Исраилан махкана тIера юьхьIаьржо
дIаяьккхинчунна? Мила ву хIара дин доцу, сунтваза
волу пIелаштамхо, дийна волчу Делан эскарна
луьйш волу?»
27 Цара, шаьш аьлларг юха карла а доккхуш, и
стаг вийначунна кхаъ лур бу аьлла, дIахаийтира.
28 Дауда воккхаха волчу вешина Элиабна хезира
цо нахаца деш долу къамел. Даудана чIогIа оьгIаз а
вахана, цо элира: «Хьо хIунда веана кхуза? Хьанах
тешна дитина ахьа вайн де а доцу уьстагIий
яьссачу арахь? Суна евзаш ю хьан сонталла а, хьан
вон дог а. Хьо тIамах бIаьрг тоха веана кхуза?»
29 Дауда элира: «Соьгара хIун даьлла, нахаца
къамел дарал сов?» 30 Шена уллохь болчу нахе дIа а
вирзина, Дауда цаьрга хаттар дича, цара, вукхара
санна, жоп делира цунна.
31 Дауда аьлла долу дешнаш Шауле дIадийцира.
Цо Дауд шена тIекхайкхира. 32 ТIаккха Дауда Шауле
элира: «И пIелаштамхо бахьана долуш цхьа а стаг
гIайгIане хила оьшуш вац. Хьан лай, ваха а вахана,
цуьнца летар ву».
33 Шаула Дауде элира: «Хьо ларор вац цу
пIелаштамхочуьнца, хIунда аьлча хьо хIинца а
жима ву, ткъа иза кога ирахIоьттинчу хенахь
дуьйна тIеман гIуллакх девзаш хилла ву».
34 Дауда Шауле элира: «Хьан лай шен ден
уьстагIий дажош лелла ву. Нагахь санна, я лом, я ча
а еана, цара жа юкъара уьстагI дIабаьхьча, 35 царна
тIаьхьа а воьдий, тIекхетий, церан багара иза
схьабоккхура ас. Амма иза сайна тIекхетча, аса
цуьнан кхес схьа а лоций, охьа а тухий, йоьра.
36 Лом а, ча а йоьра хьан лай волчо. Изза хир ду
оцу сунтваза волчу пIелаштамхочунна а, дийна
волчу Делан эскарна кхиссарш еш волчу». 37 Дауда
кхин а элира: «Лоьмах а, ченах а со
кIелхьарваьккхина волчу Везачу Эло со оцу
пIелаштамхочун куьйга кIелара а воккхур ву».
ТIаккха Шаула Дауде элира: «Вало, гIо цига. Веза
Эла хьоьца хуьлийла». 38 Даудана шен бедарш
тIеюьйхира Шаула, коьрта цIестан гIем а тиллира,
цунна тIе гIагI а дуьйхира. 39 Бедарш тIехула тур
гIода юккъе а дихкина, Дауд дIасаволавелира,
амма иза иштачу духарца лела Iемина вацара. Цо
Шауле элира: «Со, хIара духар а доьхна, лела
Iемина вац». Цо и хIуманаш шена тIера дIаехира.
40 *Коьжалг* шен кара а лаьцна, татол чуьра пхи
шера тIулг а хаьржина, уьш шегахь болчу тIоьрмаг
чу а дехкина, и тIоьрмаггий, *ширдолаггий* карахь а
долуш, иза пIелаштамхочунна дуьхьалвахара.

### Дауда ГIолиат эшаво

41 ПIелаштамхо а вара кхунна дуьхьалвогIуш,
хьалха ваьлла доккха турс лелош верг а волуш.
42 ПIелаштамхо Дауде цавашарца схьахьаьжира,
хIунда аьлча хIара ханна жима а вара, хьаьрса а
волуш, юьхь тIера хаза а вара. 43 Цо Дауде элира:
«Хьо суна дуьхьал гIожаца ма ваьлла. Со жIаьла ду-
м ца моьтту хьуна?» Иза а аьлла, пIелаштамхочо
шен деланашкара неIалт кхайкхира Даудана. 44 Цо
Дауде элира: «ТIевола суна, аса хьан дакъа
стигаларчу олхазаршний, аренгахь лелаш долчу
акхарошний дIалур ду».
45 Дауда пIелаштамхочуьнга элира: «Хьо суна
дуьхьал тур а, гоьмукъ а, горга тур а карахь вогIуш
ву, ткъа со ахьа сийсаздохуш долчу Исраилан
халкъан массо а эскарийн Дела волчу, массо а
ницкъийн Везачу Элан цIарах араваьлла. 46 Таххана
Везачу Эло хьо сан кара схьалур ву, ткъа аса хьо
вуьйр ву. Аса хьан корта схьабоккхур бу, ткъа
пIелаштамхойн эскархойн декъий стигаларчу
олхазаршна а, лаьттахь лелаш долчу акхарошна а
дIалур ду. Дерриг а дуьненна дIахуур ду Исраилан
махкахь Дела вуйла. 47 Кхузахь гулделлачу дерриг а
халкъана дIахуур ду Везачу Эло туьраций,
гоьмукъций ца воккхийла кIелхьара, хIунда аьлча
тIом Везачу Элан карахь бу. Цо шу тхан кара схьа а
лур ду».
48 ПIелаштамхо шена тIеволавелча, Дауд сихха
цунна дуьхьалведира. 49 Шен тIоьрмаг чу куьг а
дахийтина, тIулг схьаийцира цо. Ширдолагца
ластийна, цо иза пIелаштамхочунна хьажа юккъе
туьйхира. И тIулг цунна нийсса хьажа юккъе
богIабелира, ткъа пIелаштамхо бертал
охьавуьйжира. 50 †Иштта тIулгаций, ширдолагций
пIелаштамхо эшийра Дауда. Цо иза карахь тур а
доцуш вийра. 51 ТIаккха Дауда, ведда тIе а вахана,
цунна тIе ког а баьккхина, пIелаштамхочун тур
баттара схьа а даьккхина, цуьнан корта баьккхира.
ПIелаштамхой, шайна юкъара ницкъберг велла
гича, бевдда дIабахара. 52 Исраил-махкара а, ЯхIуд-
махкара а халкъ маьхьаршца пIелаштамхошна
тIаьхьаделира. Цара уьш, лаьхкина, тогIи чу
вуллучу †† дIабигира, цигара дIа – Iекхран-гIали чу
воьду ков долчу бигира. Эшийна, лаьхкина буьгуш
болу пIелаштамхой ШаIрайм-гIалина тIе боьдучу
новкъа тIе охьаоьгура Гати-гIалина а, Iекхран-
гIалина а тIекхаччалц. 53 Шаьш пIелаштамхошна
тIаьхьабевллачуьра юхабирзича, церан бахам
дIасабоькъура исраилхоша. 54 ТIаьхьо,
пIелаштамхочун корта схьа а эцна, Дауда иза
Ярушалайме дIабаьхьира, ткъа цуьнан тIеман
гIирс цо шен четар чохь охьабиллира.

### Даудан схьавалар Шаулна довзийтар

55 ПIелаштамхочуьнца Дауд лата воьдуш шена
гича, Шаула эскаран хьаькам волчу Абунаре элира:
«Абунар, иза хьенан кIант ву?»
Абунара элира: «Дийна волчу сайх чIагIо йо ас, ва
паччахь, суна иза билггала ца хаьа».
56 Паччахьо элира: «Хатта, хьенан кIант ву и жима
стаг».
57 Дауд, пIелаштамхо эша а вина, юхавогIучу
хенахь, Абунара иза Шаул волчу схьавалийра.
ПIелаштамхочун корта цуьнан карахь бара.
58 Шаула цуьнга хьаттира: «Жима стаг, хьо хьенан
кIант ву?» – аьлла.
Дауда жоп делира: «Со Байтлахам-гIалара хьан
лай волчу Юшайн кIант ву».

### Дауд а, ЯхIуната а ши доттагIа хилла дIахIутту

18 Дауд Шаулаца къамел дина ваьлча, цуьнан
а, ЯхIунатин а юкъаметтиг кхин а
чIагIъелира, цунна иза, ша-шена санна,
дукхавезавелира. 2 Шаула Дауд шеца витира, иза
шен да волчу дIа а ца вохуьйтуш. 3 ЯхIунатина, ша
санна, Дауд везавалар бахьана долуш, Даудаца
даггара доттагIалла лело барт бира цо.
4 Шаьшшинна юкъахь хиллачу бертан тоьшалла
деш, ЯхIунатас шена тIехула йоьхна йолу бедарш
схьа а яьхна, Дауде дIаелира. Иштта тIеман бедарш
а, тур а, секхаIад а, доьхка а дIаделира цо. 5 Шаула
ша мичча вахийтича а, Даудан аьтто хуьлура.
Цундела Шаула цунах тIеман хьаькам вира. Иза
хазахетарца тIеийцира дерриг а халкъо а,
паччахьан гонах болчара а.

### Шаулан хьагI

6 Дауда пIелаштамхо эша а вина, эскархой цIа
богIучу хенахь массо а Исраилан махкарчу
гIаланашкара зударий шайн паччахь волчу
Шаулна дуьхьал хелхаршций, эшаршций
арабевлира. Церан карахь жиргIанаш а, дечиг-
пондарш а дара. 7 ‡Халхарш а деш, цара бохура:
«Шаула эзарнаш байина, ткъа Дауда – итт
эзарнаш». 8 Шаулна и дешнаш чIогIа ца
дезаделира. Цо элира: «Цара Даудана итт эзарнаш
дIабелла, ткъа суна – эзарнаш бен. Цунна хIинца,
паччахьалла тIехилчхьана, кхин хIумма а ца
оьшу». 9 Цу дийнахь дуьйна Шаул Дауде хьогIаца
хьоьжура.
10 ШолгIачу дийнахь Делера долу жин цIеххьана
Шаулна тIе доьссира. Иза шен цIахь хьераваьлча
санна лелара, ткъа Дауд, кхечу деношкахь санна,
дечиг-пондарх пIелг а туьйсуш, Iаш вара. Шаулан
карахь *гоьмукъ* бара. 11 Цо, шен дагахь: «Аса иза
хIинца пенах дIалатор ву», – бохуш йолу ойла а еш,
гоьмукъ кхоьссира. Амма Дауда, шозза а дIа а
таьIна, иза тIехбалийтира.

† 17:50 Дауд 21:19. †† ТогIи чу вуллучу *– Грекийн гочдар тIехь: *Гати-гIала чу вуллучу.*

‡ 18:7 Шамъал 21:11; 29:5.

[12] Шаул Даудах кхоьруш вара, хIунда аьлча Веза Эла цуьнца вара, ткъа Шаулна уллора Иза юхаваьллера. [13] Шаула Дауд, шена уллора дIа а ваьккхина, шен эзар тIемалочунна тIехь хьаькам хIоттийра, иза массо а адамна хьалха эскарна тIехь куьйгалла деш а вара. [14] Дауда ша мел деш долу гIуллакх кхиамца дора, хIунда аьлча Веза Эла цуьнца вара. [15] Цуьнан аьтто болуш хилар гуш волу Шаул Даудах кхоьруш вара. [16] Ткъа массо а Исраил-махкарчу а, ЯхIуд-махкарчу а къаьмнашна Дауд чIогIа везара, хIунда аьлча иза дерриг а гIуллакхна хьалхаваьлла волу дела.

## Дауда Шаулан йоI ялор

[17] Шаула Дауде элира: «Сайн йоккхаха йолу йоI Мираба хьоьга маре йоуьйту аса. Хьо майра хила веза, Везачу Элан тIемаш дIа а кхоьхьуш». Шаулан дагахь дара: «Сан карах а доцуш, пIелаштамхойн карах валар хуьлийла цуьнан».

[18] Амма Дауда Шауле элира: «Со а, сан ден цIа а Исраилан махкахь девзаш дац, со паччахьан нуц хилла дIахIоттал». [19] Шаулан йоI Мираба маре яха хан тIекхаьчча, иза махьулхочуьнга Iадриале маре яхийтира.

[20] Амма Шаулан вукху йоIана, Михулина, везавелира Дауд. Иза Шауле дIахаийтича, Шаулна и гIуллакх хазделира. [21] Ткъа Шаул шен дагахь ойла еш вара: «Аса йоI цуьнга маре яхийтича, цунах Даудана гур хир бу, цуьнан пIелаштамхойн карах валар а хир ду». Шаула шолгIа а Дауде элира: «ХIинца кхин а цхьа аьтто баьлла хьан соьца гергарло таса». [22] Шена гонах болчаьрга Шаула элира: «Къайлаха цуьнга ала: „Хьажал, паччахь хьоьца чIогIа дика ву, цунна гонах болчарна массарна а хьо веза. ХIунда аьлча хIинца дика зама ю паччахьан нуц хилла дIахIотта“».

[23] Шаулан гонах болчара и дешнаш Дауде дIааьлча, Дауда жоп делира: «Шуна атта ду моьтту паччахьан нуц хила? Со къен а, ладам боцу а стаг ма ву».

[24] Паччахьан гонах болчара Шауле дIадийцира шайн Даудаца хилла къамел. [25] Шаула элира: «ДIаала Дауде: „Паччахьна шен йоIах кхин там ца оьшу, бIе вийна пIелаштамхо бен. Уьш байа а байина, сунт а бина, уьш хадош дисина чкъоьрнаш † суна схьада. Иза паччахьан мостагIашна бекхам хир бу“». Цо и тайпа къамел даран бахьана Дауд пIелаштамхойн карахула хIаллакван гIертар дара. [26] Паччахьна гонах болчара и къамел Дауде схьадеара. Даудана тайнера паччахьан нуц хилар. Хан йиллина денош тIекхачале, [27] Дауда шен накъосташца, пIелаштамхой болчу а вахана, царах ши бIе стаг вийра. Цо паччахьна и нах ша сунтбина хиларан билгалонаш схьаеара. Шаула цуьнга шен йоI Михула маре дIаелира.

[28] Шаулна хиира Веза Эла Даудаца вуйла а, шен йоIана Михулина Дауд везийла а. [29] Цундела Шаул кхин а чIогIа кхоьрура Даудах. Иза цуьнан мостагIа хилла дIахIоьттира массо а ханна.

[30] ПIелаштамхойн баьччанаш тIамца гIевттича, Дауд массо а Шаулан тIемалойл а кхиаме тIом дIахьош хуьлура. Цуьнан цIе массанхьахула дIасаяьржира.

## Шаул Даудана тIаьхьаволу

**19** Шен кIанте ЯхIунате а, шен гонах болчаьрга а Шаула дIахьедира, Дауд вен веза аьлла. Амма Шаулан кIантана ЯхIунатина Дауд чIогIа дукхавезара. [2] Цундела ЯхIунатас Дауде элира: «Сан да Шаул хьо вен бахьанаш лоьхуш ву хьуна. Кханалерчу дийнахь ларлуш хилалахь. Цхьанхьа къайлла а валий, Iелахь. [3] Ткъа со, сайн деца эрна ара а ваьлла, хьо волчохь дIахIуттур ву. Хьох лаьцна къамел дийр ду аса цуьнца, сайна хиънарг хьоьга дIа а дуьйцур ду».

[4] Дика дешнаш элира ЯхIунатас Шауле Даудах лаьцна. Цо бохура: «Хьайн лай волчу Даудаца хьарам ма хилахьа. Цо хьуна дуьхьал цхьа а вон хIума ца дина, боккха пайда болуш дерг бен. [5] ПIелаштамхочунна дуьхьал иза, шех лаьцна ойла а ца еш, велира, шен дахар боккхачу кхерам кIел а хIоттийна. Везачу Эло боккха толам баийтира Исраилан махка. Иза гина волу хьо а ма вара воккхавеш. Стенна гIерта те хьо, цхьа а бахьана доцуш, Дауд вен а вийна, бехк боцу цIий а Iанийна, зулам даккха?»

[6] ЯхIунате ла а доьгIна, Шаула чIагIо йира: «Дийна волчу Везачу Элах чIагIо йо ас, Дауд лийр вац аьлла». [7] Дауде схьа а кхайкхина, ЯхIунатас цуьнга шайн хилла долу къамел дIадийцира, тIаккха ЯхIунатас Дауд Шаул волчу дIавигира. Цул тIаьхьа церан юкъаметтиг хьалха санна хилла дIахIоьттира.

[8] Юха а тIом белира. Дауд, ара а ваьлла, пIелаштамхошца тIом бан волавелира. Дауда мостагIчунна тIехь боккха толам баьккхинчул тIаьхьа, уьш цунах дIауьдуш бара.

[9] Юха а Везачу Элера долу жин чудоьссира Шаулна. Шен цIахь, *гоьмукъ* карахь а болуш, Iаш вара иза, ткъа Дауд, дечиган пондарх пIелг а туьйсуш, Iаш вара. [10] Шаулна Дауд гоьмукъца пенах дIатоха дагадеара. Амма Дауд шена тIекхоьссина болу гоьмукъ гича, каде дIаиккхира, ткъа гоьмукъ пенах чубахара. Дауд цу буьйсанна Шаулах ведда кIелхьарвелира.

[11] ††ТIаккха Шаула Даудан цIа шен тIемалой бахийтира, цунна кIело а йина, иза садаржале вейта. Даудан зудчо Михулас цуьнга элира: «Ахьа хьайн са тахана кIелхьара ца даккхахь, кхана хьо вуьйр ву». [12] Михулас иза корах аравалийтира. Дауд ведда кIелхьарвелира. [13] Дауд вуьжучу метта Михулас *цIу* виллира, цуьнан гIовлангахь газанан

† *Чкъоьрнаш *– исраилхошна гонах долчу къаьмнашна юкъахь пIелаштамхой бен сунтбаза бацара.**

†† *19:11 Забур 58:1.*

цIока а йиллина, тIехула бедарш ехкира. 14 Шаула
Дауд схьалаца нах бахийтича, Михулас Дауд
цомгуш ву элира. 15 Амма Шаула уьш
юхабахийтира, иза муха ву хьажа. Цо цаьрга элира:
«Шен меттаца иза со волчу схьавалаве соьга
вейта». 16 И нах Дауд дIалаца чубаьхкича, царна
гира меттахь Iуьллуш волу цIу а, гIовлангахь
йиллина йолу газанан цIока а. 17 Шаула Михулига
хьаьттира: «Со хIунда левина ахьа? Сан мостагIа, дIа
а хецна, вадийтина-кх ахьа».
Михулас Шауле элира: «Цо соьга, ша дIа ца
вахийтахь, со юьйр ю элира».
18 Дауд иштта ведда кIелхьарвелира. Цо, Шамъал
волчу Раме схьа а веана, Шаула шена динарг
дIадийцира. ТIаккха Дауд Шамъалца новкъа
велира. И шиъ Наютахь сецира. 19 Шауле хаам
бира, Дауд Рама-гIаларчу Нают олучу меттехь ву
аьлла. 20 Шаула цига а нах бахийтира Дауд
схьалаца. Уьш схьа а кхаьчна, царна Шамъал
коьртехь а волуш, Делера болу хаамаш беш
пайхамарш гича, царна тIе Делан Са охьадоьссира.
Уьш а, шовкъ а еана, Делера болу хаамаш бан
буьйлабелира. 21 И хаам шена схьабеача, Шаула
кхин болу нах бахийтира цига. Уьш а, шовкъ а
еана, иштта Делера болу хаамаш беш дIахIиттира.
ТIаккха Шаула кхозлагIа а нах бахийтира. Уьш а,
шовкъ а еана, Делера хаамаш бан буьйлабелира.
22 ТIаккха оьгIазвахана волу Шаул ша Раме ваха
новкъа велира. Иза Сехехь лаьттачу йоккхачу
гIунна тIе кхечира. Цо хаьттира: «Шамъаллий,
Дауддий мичахь ву?»
Цунна жоп делира: «Эцца Рамерчу Наютахь ву».
23 Иза Рамерчу Наюта вахара. Цунна тIе а Делан
Са доьссира. Ша дIавоьдучу хенахь иза а
волавелира, Рамерчу Наюта кхаччалц, Делера болу
хаамаш бан. 24 †Шовкъ а еана, шена тIера бедарш
дIа а яьхна, Шамъална хьалха Делера болу хаамаш
беш дIахIоьттира иза. Цу дийнаххьий, бусий иза
тIехь хIума а йоцуш Iиллира. Цундела олуш ду:
«Шаул а ву техьа пайхамар?»

### ЯхIунатий, Дауддий

20 Рамерчу Наютара Дауд, ведда, ЯхIуната
волчу веара. Цо ЯхIунате хаьттира: «Ас хIун
дина? ХIун харцдерг даьлла соьгара? ХIун къа
латийна ас хьан дена хьалха, иза со вен гIерттал?»
2 ЯхIунатас жоп делира: «Хьо лийр вац! Сан дас
жима а, доккха а гIуллакх соьга олий бен ца до. Ша
хьо вен гIертийла цо сох хIунда лечкъор дара? И
хIума хIинца хила йиш йолуш дац!»
3 Дауда, чIагIо а еш, элира: «Хьан дена хууш ду,
хьо соьца къаьсттина дика вуйла. Цундела цо шен
дагахь боху: „ЯхIунатина иза хаа йиш яц, цунна
хала ца хетийтархьама“. Амма дийна волчу Везачу
Элах чIагIо йо ас, суний, Iожаллиний юккъехь цхьа
гIулч бен цахилар».
4 ЯхIунатас Дауде элира: «Хьан даго боххург дийр
ду-кх аса».
5 ††ТIаккха Дауда ЯхIунате элира: «Кхана бутт
цIинбаларан дезде ду. Со паччахьна уллохь
шуьнехь Iан везаш ву. Амма ахьа со
дIавахийтахьара, кхоалгIачу дийнан суьйре
тIекхаччалц, со аренгахь къайлавер вара. 6 Хьан да
со бахьана долуш сагатдеш хилахь, ахьа ала деза:
„Дауд, соьгара пурба а даьккхина, Байтлахам-гIала
вахана, цигахь шен гергарчара хIора шарахь цкъа
доккхуш долчу сагIанехь дакъалаца“. 7 Иза ахьа
аьлча, цо „Дика ду“ алахь, хьан лай маьрша ву,
амма иза оьгIазводахь, хьуна хаалахь, цунна зулам
даккха дагадеанийла. 8 Къинхетам бехьа хьайн лех:
Везачу Элана хьалха ахьа соьца барт ма бинера.
Соьгара хьайна бехке долу хIума даьллехь, со
хIинццехь вей дIаваккхахь! Хьайн дена тIе стенна
вуьгу ахь со?»
9 ЯхIунатас элира: «Ахьа бохуш дерг хьоьца хила
йиш яц. Нагахь санна сан да хьуна тешнабехк бан
кечвеллехь, иза аса хьоьга хоуьйтур дацара
техьа?»
10 Дауда ЯхIунате хаьттира: «Хьан дас хьоьга
оьгIазлонца жоп лахь, иза соьга хаийта мила
вогIур ву?»
11 ЯхIунатас элира: «Вало, аренга воьду вайшиъ».
И шиъ аравелира. 12 ЯхIунатас Дауде элира:
«Исраилан халкъан Везачу Делах чIагIо йо ас
хьуна! Кхана я кхана Iийча хIоккху хенахь сайн да
хьоьца муха ву хьожур ма ву со. Иза хьоьца гамо
йоцуш велахь, аса хьо волчу и хабар дахьаш стаг
воуьйтур ву. 13 Амма сан да хьуна ямартло ян
кечвеллехь, иза аса хьан лергашна хазор ду, хьо
кIелхьара а волуьйтур ву. Везачу Эло, Шен лааме
хьаьжжина, луьра таIзар дойла суна, аса иза ца
дахь. Веза Эла, сан деца ма-хиллара, хуьлийла
хьоьца а. 14 Ткъа хьо а, со дийна висахь, Везачу
Элана хьалха соьца бинчу бартана тешаме а
хилахьара. Нагахь санна сан кхалхар хилахь,
15 ‡айхьа дуьнен чохь йоккхучу хенахь сан доьзална
тешаме хилахьара хьо, Везачу Эло массо а хьайн
мостагIа хIаллаквина хилахь а». 16 ЯхIунатас Даудан
цIенца барт беш элира: «Везачу Эло кхел йойла
Даудан мостагIашна!»
17 ЯхIунатас, чIагIо а еш, Даудана хаийтира шена
иза мел веза, хIунда аьлча иза цунна, шен са санна,
дукха везаш вара. 18 ЯхIунатас цуьнга элира: «Кхана
бутт цIинбаларан дезде ду. Хьан меттиг яьсса гича,
хьо коьртах воккхур ву. 19 Цундела кхозлагIчу
дийнахь хьо хьалха хиллачу метте дIагIо. Цигахь,
Азал-тIулг болчохь, охьа а хаий, собар де. 20 Ткъа
аса, цу агIонга цхьана хIуманна хьажийча санна,
кхузза секхаIад кхуссур ду хьуна. 21 Цул тIаьхьа аса
сайн Iодан пхерчий схьалаха кIант воуьйтур ву.
Нагахь санна аса кIанте алахь: „Пхерчий хьуна
тIехьа Iохку, схьаэца уьш“, – со волчу схьавола.
Везачу Элах чIагIо йо ас, хьо маьрша хиларна а,

† 19:24 Шамъал 10:11, 12.

†† 20:5 Лелар 28:11. ‡ 20:15 Дауд 9:1.

хьуна цхьа а тайпана кхерам ца хиларна а. 22 Амма
аса кIанте: „Пхерчий хьуна хьалха Iохку“, – алахь,
хьо дIагIо. Везачу Эло хьуна дIаваха пурба ло.
23 Вайшиммо йина йолу чIагIонаш йиц ма е. Веза
Эла царна даим а Теш ву!»
24 Дауд аренгахь къайлавелира. Бутт цIинлучу
хенахь хIоттош долу той дIадоладелира. Паччахь
хIума яа охьахиира. 25 Цо ша массо а хенахь хууш
волу меттиг дIалецира. И меттиг пенна уллохь яра.
Шаулна дуьхьал ЯхIуната охьахиира. Ткъа Абунар
Шаулна уллохь хиира. Даудан меттиг яьсса яра.
26 Цу дийнахь Шаула хIумма а ца элира, хIунда
аьлча цунна дагадеара: «Схьахетарехь, цхьа хIума
хиллачул тIаьхьа, Дауд Далла хьалха цIена воцуш
нисвелла». 27 Бутт цIинлуш болчу денна лерина
долу той дIахьочу шолгIачу дийнахь а Даудан
меттиг яьсса яра. ТIаккха Шаула ЯхIунате хьаьттира:
«Юшайн кIант селхана а, тахана а тойнехь хIунда
вац?»
28 ЯхIунатас Шауле жоп делира: «Дауд, соьгара
пурба а даькkхина, Байтлахам-гIала вахана. 29 Цо
соьга элира: „Сан гергарнаш сан гIалахь сагIа
доккхуш бу. Сан вашас соьга дIакхайкхина.
Вайшинна юкъахь гергарло делахь, со сайн
вежарех кхета вахийтахьара ахьа“. Цундела иза
паччахь волчу шуьне ца кхечи».
30 Шаул шен кIантана чIогIа оьгIазвахара. Цо
ЯхIунате элира: «Хьо хьайн лартIехь йоцучу ненах
тера ву. Иза а шен лаамехь яра, хьо а иштта ву! Хьо
Юшайн кIантаца гергарло лелош вуйла суна ца
хаьа моьтту хьуна? И гергарло хьуна а, хьан нанна
а юьхьIаьржонна хир долуш ду. 31 Юшайн кIант
дийна мел ву, хьо а, хьан пачхьалкх а лаьттар яц.
Иза со волчу схьавалавайта, хIунда аьлча иза
Iожаллех вер вац».
32 ЯхIунатас Шауле элира: «ХIунда вуьйш ву иза?
Цуьнгара хIун даьлла?»
33 ТIаккха Шаула иза вен дагахь *гоьмукъ*
кхоьссира. Эццахь ЯхIунатина хиира, Шаула Дауд
вен чIагIо йинийла. 34 ЯхIуната, чIогIа оьгIаз а
вахана, хьалагIаьттира. Бутт цIинлучу шолгIачу
дийнахь цо яа хIума ца йиира. Цуьнан бахьана
Даудах дог лазар а, шен дас шена йина вас а яра.
35 Иза, Iуьйранна ара а ваьлла, Даудаца ша барт
бинчу аренга вахара. Цуьнца цхьа жима кIант а
вара. 36 Цо кIанте элира: «Вадий, ваха а гIой, аса
кхуссу долу пхерчий схьалахаха». КIант аренгахула
ведда дIавахара. Амма ЯхIунатин секхаIодан
пхерчий, цу кIантана тIехула а дуьйлуш, дIаоьхура.
37 КIант цо пхерчий охьаэгийначу метте дIаведира.
ЯхIунатас цунна тIаьхьа мохь туьйхира: «Хьажал,
пха хьуна хьалха Iуьллуш бу хьуна». 38 Юха а
кIантана тIаьхьа мохь беттара ЯхIунатас: «Сихха
вада! Саца ма саца!» Пхерчий схьа а гулдина, кIант
шен олахочунна тIевеара. 39 Цунна иза хIун ду ца
хаьара. Дауданий, ЯхIунатиний бен ца хаьара цу
дешнийн маьIна. 40 Шен герз кIанте дIа а делла,
ЯхIунатас цуьнга элира: «Вало, гIала дIахьо иза».
41 КIант дIавахара. Азал-тIулгана къилбехьара
йолчу агIорхьара хьала а гIаьттина, ЯхIунатина
хьалха гора а хIоьттина, лаьтта кхаччалц кхузза
охьатаьIира Дауд. Вовшашна обанаш а йохуш,
воьлхуш вара и шиъ, амма Дауд вукхул чIогIа
воьлхура. 42 ЯхIунатас Дауде элира: «Марша гIойла
хьо. Вайшиммо Везачу Элана хьалха вовшашна
чIагIо йинера. Веза Эла хьуна а, суна а юкъахь,
иштта хьан тIаьхьенна а, сан тIаьхьенна а юкъахь
гуттаренна а Теш ву». 43 Хьала а гIаьттина, Дауд
дIавахара, ткъа ЯхIуната гIала юхавирзира.

## Даудан вадар

21 †Нуб-гIалара *динан да* волу Ахьи-Малик
волчу кхечира Дауд. Иза шена гича, Ахьи-
Малика цецваларца цуьнга хаьттира: «Хьо-хьо
хIунда ву? Хьоьца цхьа а хIунда вац?»
2 Дауда цуьнга элира: «Паччахьо цхьа гIуллакх
тIедиллина суна. Цо соьга элира: „Цхьанна а ма
хаийта хьо хIунда вахийтина ву а, аса хьайна
тIедиллинарг а“. Ткъа сайн накъосташца аса барт
бина, оха билгалъяьккхинчу меттехь вовшахкхетар
ду аьлла. 3 Ткъа хIинца ахьа суна пхи бепиг я хьайн
куьйга кIелахь йолу яа хIума яла еза».
4 Динан дас Дауде элира: «Дац сан хьуна дала
бепиг, деза бепиг бен. Хьан накъостий тIаьхьарчу
хенахь зударех кхетаза белахь, иза дIахьо».
5 Дауда динан дега элира: «Зударий тхоьца ца
хилла. ХIоразза а со сайн накъосташца араволучу
хенахь, оха Далла хьалха цIеналла лар а йо, тхайна
тIедиллинарг кхочуш ца дойту хIума а ца до. Иштта
тахана а оха леррина Далла хьалха цIеналла
ларйина, тхаьшна тIедиллинарг кхочушдархьама».
6 ††Динан дас шен кхин бепиг доцу дела, цунна
деза бепиг делира. Иза *Делан цIа* чуьра Везачу
Элана хьалха охьадиллина долу бепиг дара. Цу
дийнахь цуьнан метта керла бепиг охьадиллина
хилла. 7 Цу дийнахь кхузахь Везачу Элана хьалха
нисвеллера Шаулан ялхойх волу ДуагIа цIе йолу
эдомхо. Иза Шаулан жаIушна тIехIоттийна вара.
8 Дауда Ахьи-Малике элира: «ТIекхочехь *гоьмукъ* я
тур дац хьан? Паччахьо сайна тIедиллинарг дукха
сиха кхочушдан дезаш а хилла, аса сайца я тур а, я
кхин йолу хIума а схьа ца эцна».
9 ‡Динан дас элира: «Ахьа Эла-тогIи чохь вийна
пIелаштамхо волчу ГIолиатан хIара тур ду хьуна.
Езачу ийпадна тIехьа бедаршна юккъе а
хьарчийна Iуьллуш ду иза. Хьайна лаахь, иза
схьаэца. Кхин хIумма а яц кху чохь».
Дауда элира: «И санна дерг кхин хир а дац.
Схьало иза соьга».
10 Цу дийнахь Дауд Шаулах ведда дIавахара. Иза
Гати-гIалара паччахь Ахаш волчу вахара.
11 ‡†Ахашан ялхоша цуьнга хаьттира: «Исраилан
махкара паччахь-м вац иза? Халхарш дечу хенахь

† 21:1-6 Маттай 12:3, 4; Марк 2:25, 26; Лака 6:3. †† 21:6 Iамалъяр 24:5-9. ‡ 21:9 Шамъал 17:51. ‡† 21:11 Шамъал 18:7; 29:5.

цунна лоькхуш-м яц те и эшарш: „Шаула эзарнаш
байина, ткъа Дауда – итт эзарнаш“, – бохуш?»
12 †И дешнаш Даудан дагахь кхийтира. Цундела
иза Гати-гIалин паччахьах Ахашах кхоьрура.
13 ††Иза, паччахьна а, цуьнан ялхошна а хьалха ша
хьераваьлла моттуьйтуш, волавелира. Цо неIарш
тIехь яздора, шен можана тIехула шеташ
охьаоьхуьйтура. 14 ТIаккха Ахаша шен ялхошка
элира: «Хьажал цуьнга. И стаг хьераваьлла ву.
ХIунда валийна аша иза со волчу? 15 Я сан
хьерабевлларш кIезиг бу, суна хьалха дастама
хIуманаш цуьнга леладайттал? Сан цIа чу-м вер ма
хир вац иза?»

### Динан дай байар

22 ‡Цигара ведда, Дауд Iадуламарчу хьеха чу
вахара. Иза шайна хезча, цуьнан вежарий а,
цуьнан цIийнан нах а хIара волчу баьхкира. 2 Дауд
волчу схьагулбелира гIело йинарш а, декхарийла
бахнарш а, дуьненах дог диллинарш а. Дауд царна
тIехь хьаькам хилла дIахIоьттира, хIинца кхуьнца
виъ бIе гергга стаг вара.
3 Цигара ваьлла, Дауд Муабин МицIпа-гIала
вахара. Цо муабахойн паччахье элира: «Сан дай-
наний хьо волчохь дитахьара ахьа, Дала сайна хIун
до суна хаъалц». 4 Уьш, муабахойн паччахь волчу
схьа а балийна, цигахь битира Дауда. Иза шен
чIагIйина меттиг йолчохь мел Iа, цуьнан дай,
наний цигахь Iийра.
5 Амма пайхамар волчу Гадас Дауде элира: «Хьо
хIара лочкъуйла йолчохь ма Iе. Вало, ЯхIудан
махка дIагIо». Цигара дIа а ваьлла, Дауд дIавахара.
Иза Хьарат олуш йолчу хьуьнах кхечира.
6 Шаулна хезира, Дауд а, цуьнца болу нах а
гучубевлла аьлла. Иза цу хенахь ГебаI-гIалахь
цхьана лам тIехь тамариск цIе йолу дитта кIелахь
Iаш вара. Шаулан карахь *гоьмукъ* бара, цунна
гонахьа бевлла цуьнан накъостий а бара. 7 Шаула
шена гонахьа болчу шен ялхошка элира: «ЛадогIа
соьга, бен-яманхой. Оцу Юшайн кIанта шуна
массарна а кемсийн а, ялтийн а аренаш лур ю
моьтту шуна, я эзарнаш а, бIенаш а карахь а болуш
шу хьаькамаш бина дIахIиттор ду моьтту шуна?
8 Шу массо а суна дуьхьал хIунда девлла? Шух
цхьаммо а, соьга схьа хIунда ца аьлла, сан кIант
Юшайн кIантаца гергарло лело барт бина лелаш ву
аьлла? Шух цхьаммо а сох къинхетам а бина, соьга
схьа ма ца аьлла, сан лай волу Юшайн кIант,
хIинца ма-хиллара, со вен бахьана лоьхуш вуйла а,
сан кIанта иза суна дуьхьал ваьккхина хилар а».
9 ‡†Шаулан гонах болчарна юкъахь лаьтташ волчу
эдомхочо ДуагIа элира: «Суна Нуб-гIалахь гира
Ахьтубин кIант Ахьи-Малик волчу веана волу
Юшайн кIант. 10 Ахьи-Малика иза Везачу Эле
вийхира, цунна яа хIума а, пIелаштамхо волчу
ГIолиатан тур а дIаделира».

† 21:12 *Забур 55:1.* †† *21:13 Забур 33:1.* ‡ *22:1 Забур 56:1; Забур 141:1.* ‡† *22:9, 10 Шамъал 21:7-9; Забур 51:1.*

11 Паччахьо Ахьтубин кIанте Ахьи-Малике кхайкхa
бахийтира, иштта Нуб-гIалара церан цIийнах мел
волу *динан да* а схьакхайкхира. Уьш шаберш а
паччахь волчу схьабаьхкира. 12 Шаула элира:
«ЛадогIал соьга, Ахьтубин кIант».
Вукхо жоп делира: «ЛадугIуш ву, сан эла».
13 Шаула элира: «Хьой, Юшайн кIанттий барт а
бина, суна дуьхьал стенна ваьлла? Иза Деле веха а
воьхуш, цунна бепиггий, туррий хIунда делла ахьа?
Ахьа иза суна дуьхьал хIунда ваьккхина, тахана
гуш ма-хиллара, цуьнга суна кIело яйта?»
14 Ахьи-Малика, паччахье жоп луш, элира: «Мила
ву хьан хьаькамашна юкъахь Дауд санна хьуна
тешаме верг? Иза паччахьан нуц а ву, ахьа
тIедиллинарг кхочушдеш верг а ву, хьан цIийнах
болчара лоруш а ву. 15 ХIинца бен ца волавелла со
иза Деле веха? Цу тIехь сох а, сан цIийнах болчарах
а бехк ма баккхахьара ахьа, хIунда аьлча цу
доллучу хIуманах хьан лай волчу суна хIумма а ца
хаьа».
16 Паччахьо элира: «Ахьи-Малик, хьо вала веза.
Хьо а, хьан массо а гергарнаш а!» 17 Шена уллохь
лаьтташ болчу гIаролхошка паччахьо элира:
«Дуьйло, Везачу Элан динан дай байа. Уьш Даудаца
бу. Иза веддийла шайна хуъушехь, цара соьга хаам
ца бина». Амма паччахьан гонах болчарна ца
лиира Везачу Элан динан дайшна тIе куьг дахьа.
18 ТIаккха паччахьо ДуагIе элира: «Ваха а гIой, и
динан дай байа». Эдомхо волчу ДуагIа, ваха а
вахана, динан дай байира. Цу дийнахь цо везткъе
пхиъ еза *ийпад* лелош волу стаг вийра. 19 Динан
дай Iийна йолчу Нуб-гIалара адам а хIаллакдира цо
‡‡ шен туьраца. Царна юкъахь зударий, божарий,
кIегий нах а, бераш а дайира цо. Стерчий, варраш,
уьстагIий дайина дIадехира, тур детташ.
20 Царна юкъара, Ахьтубин кIентан Ахьи-Маликан
кIант волу Абу-ЯтIари бен, цхьа а кIелхьара ца
велира. Иза, ведда, Дауд волчу дIавахара. 21 Абу-
ЯтIарис Дауде дIадийцира Шаула Везачу Элан
динан дай байина хиларх лаьцна. 22 Дауда Абу-
ЯтIарига элира: «Цу дийнахь суна цигахь эдомхо
волу ДуагI гира. Суна хаьара, цо Шауле мотт тухур
буйла. Со ву хьан ден доьзал байина хиларна
бехке. 23 Со волчохь саца, кхера а ца кхоьруш. Хьо
вен гIерташ волчунна со вен а луур ду, цундела со
хьуна Iуналла деш хир ву».

### Дауда КъаIила-гIала кIелхьарйоккху

23 Дауде хаам бира: «ПIелаштамхой, КъаIила-
гIалина тIе а летта, хьаьттаршкара ялта
лечкъош бу», – аьлла. 2 Дауда Везачу Эле хаттар
дира: «Со цига ваха везий те? Эшалур буй те соьга
и пIелаштамхой?» – аьлла.
Везачу Эло цуьнга жоп делира: «ГIо,
пIелаштамхой хьоьга эшалур бу, КъаIила-гIала
ахьа кIелхьар а йоккхур ю».

‡‡ *Цо *– я иштта: *Шаула.**

3 Амма Даудаца болчара элира: «Кхузахь, ЯхIуд-
махкахь а, кхоьруш ду вай. КъаIила-гIала а дахана,
вай пIелаштамхойн эскарна дуьхьалхIиттича, кхин
а кхераме хир ма ду!» 4 ТIаккха Дауд юха а Везачу
Элах дагавелира. Цо Дауде элира: «Хьала а гIаттий,
КъаIила-гIала дIагIо. Аса пIелаштамхой хьан кара
дIалур бу». 5 Шеца болчаьрца цхьаьна Дауд
КъаIила-гIала вахара, цо пIелаштамхошца тIом а
болийра, церан даьхни лаьхкина дIа а дигира, уьш
эша а бира. Иштта Дауда КъаIила-гIалара болу
бахархой пIелаштамхойн баланах кIелхьарбехира.
6 Ахьи-Маликан кIант Абу-ЯтIари, ведда, Дауд
волчу схьавогIучу хенахь, цо шеца еза *ийпад* а
схьаеанера.
7 Дауд КъаIила-гIалахь ву аьлла, Шауле хаам
бича, цо элира: «Дала сан кара схьавелла иза. Цо
ша-шена бохам баьккхина, гIорашца къовлуш
долчу кевнашца чIагIйина йолчу гIали чу а
вахана». 8 Шен берриг а эскархой тIаме кхайкхира
Шаула, КъаIила-гIалина го а бина, Дауд а, цуьнца
берш а дIалаца дагахь. 9 Шена дуьхьал Шаул
зуламе долу хIума лело воллий хиъча, Дауда *динан
да* волчу Абу-ЯтIарига элира: «Схьая и ийпад».
10 Цул тIаьхьа Дауда элира: «Исраилан халкъан Веза
Дела! Хьан лена хезна, Шаул, КъаIила-гIала а веана,
со бахьана долуш и гIала хIаллакьян гIерта аьлла.
11 КъаIила-гIаларчу бахархоша со Шаулан кара
дIалур вуй теша? ВогIур вуй теша кхуза Шаул, Хьан
лай волчунна ма-хаззара? Исраилан халкъан Веза
Дела! Жоп лохьа Хьан лай волчунна».
Везачу Эло жоп делира: «ВогIур ву».
12 Дауда хаттар дира: «КъаIила-гIаларчу
бахархоша со а, соьца болу нах а Шаулан кара
дIалур буй?»
Везачу Эло элира: «ДIалур бу».
13 ТIаккха Дауд а, цуьнца хилла волу ялх бIе стаг а,
КъаIила-гIалара ара а ваьлла, маьI-маьIIехула
лийлира. Шауле хабар кхечира, Дауд КъаIила-
гIалара ведда дIавахна аьлла. ТIаккха иза, ша
болийна некъ ца беш, сецира.

### Дауд Зип цIе йолчу яьссачу арахь

14 Зип цIе йолчу яьссачу арахь йолчу чIагIйинчу
меттигашкахула а, лаьмнашкахула а лелаш вара
Дауд. Шаул иза хIора дийнахь лохуш вара, амма
Дала цуьнан кара ца вохуьйтура Дауд. 15 Даудана
гуш дара, Шаул ша вен араваьлла хилар. Цу хенахь
Дауд Зип олучу яьссачу арахь йолчу Хьорша цIе
йолчу меттехь вара. 16 Иза волчу веара Шаулан
кIант ЯхIуната. Цо Дауд иракарахIоттийра, Делах
тешарца чIагIло аьлла. 17 Цо элира: «Ма кхера. Сан
ден Шаулан куьг хьуна тIекхочур дац. Исраилан
махкахь паччахь хир ву хьо, ткъа со хьуна уллохь
шолгIа меттиг дIалаьцна хир ву. Сан дена Шаулна
иза хууш ду». 18 †Цу шиммо Везачу Элана хьалха
барт бира. Дауд Хьорша олучу меттехь висира,
ткъа ЯхIуната шен цIа вахара. 19 ††Шаул волчу ГебаI-
гIала баьхкира зипахой. Цара элира: «Дауд тхо
долчохь чIагIйинчу меттигашкахь: Хьорша олучу
меттехь а, Яшимунна къилбехьа Iуьллуш болчу
Хьахила-барза тIехь а дIалечкъаш лелаш ву.
20 Хьайн даго билгалъяьккхинчу хенахь дIавола,
ткъа тхуна тIехь иза хьан кара дIавалар ду».
21 Шаула цаьрга элира: «Декъалдина ду шу Везачу
Эло, аша сох къинхетам бина дела. 22 Даха а гIой,
иза билггала мичахь ву хьовса. Цунах лаьцна мел
дерг а суна схьада, иза мичахь ву а хьовса, хьанна
гина а хьовса. Соьга дийцина, иза чIогIа хIилла
долуш ву аьлла. 23 Иза мичахь хуьлу, мичахь
дIалечкъа дикка хьовса. Цунах билггала бакъдерг
дахьаш схьадуьйла. ТIаккха со а вогIур ву шуьца.
Иза кху лаьтта тIехь велахь, аса лохур ву, массо а
ЯхIуд-махкахь болчу доьзалшна юкъахь лаха
везахь а».
24 Уьш Шаулал хьалха Зипе дIакхечира. Ткъа Дауд
шеца болчу нахаца МаIун олучу яьссачу аренгахь
вара. И аре Яшимунара дIа къилбехьа, Iариба-
тогIенахь, Iуьллуш яра. 25 Шаул шеца болчу нахаца
цхьаьна иза лаха вахара. Амма Дауде хаам бинера
цунах лаьцна, цундела иза аренгахь лаьтташ йолчу
*тарх* тIе а вахана, МаIун-аренгахь сецира. Иза шена
хиъча, Шаул Даудана тIаьхьа МаIун-аренга вахара.
26 Шаул ломан цхьана агIонгахула дIавоьдуш вара,
ткъа Дауд шен накъосташца вукху агIор вара. Дауд
сихвелла Шаулах къаьхкина воьдуш вара, ткъа
Шаул шеца болчаьрца, ломана го баккхале хьалха,
уьш схьалаца воьдуш вара. 27 Эццахь Шаул волчу
геланча кхечира, иштта хаам бахьаш: «Сихха
схьавола! ПIелаштамхой вайн махкана тIелетта!»
28 И хаам шега схьакхаьчначул тIаьхьа, Шаул
пIелаштамхошна дуьхьал вахара, Даудана
тIаьхьаваьллачуьра дIа а ваьлла. И меттиг
цундела, СилаI-ХIамахьлекхут аьлла, цIе тиллина ю
(иза «декъаран тарх» бохург ду).

### Дауда Шаул дийна вуьту

24 Цигара ша дIавахча, Дауд, Iейн-ГIади йолчу а
вахана, цигахь йолчу чIагIйинчу
меттигашкахь зама йоккхуш вара. 2 Шаул
пIелаштамхой болчуьра юхавирзича, цуьнга хаам
бира: «Дауд Iейн-ГIади олучу яьссачу аренгахь ву»,
– аьлла. 3 Иза, массо а ЯхIуд-махкара схьагулвина
волу кхо эзар тоьлла боьрша стаг шеца а волуш,
ДаудгIар лаха вахара. Иза «масарийн тархаш» цIе
йолчу меттигна уллохь дара. 4 ‡Уьш некъан йистехь
лаьтташ йолчу уьстагIий чулохкучу керта кхечира.
Цигахь гена йоццуш хьех яра. Шаул шен гIуллакх
дан цу хьеха чу вахара. Ткъа Дауд а, цуьнца берш а
геннахь цу хьеха чохь Iаш бара. 5 Даудаца болчара
цуьнга элира: «ХIара ду хьуна Везачу Эло хьоьга
дийцина долу де: „Аса хьан мостагIа хьан кара
дIалур ву. Хьайна луъург де цунах“». Дауда, хьала а
гIаьттина, Шаулан тIехула юхучу бедарх кийсак
схьахадийра. 6 Ша и хIума дар бахьана долуш дага

† 23:18 Шамъал 18:3. †† 23:19 Забур 53:1.

‡ 24:4 Забур 56:1; Забур 141:1.

чу лазам боьссира Даудана. 7 †Цо шеца болчаьрга элира: «Везачу Эло доьхкийла суна Ша къобалвина волчу сан олахочунна тIе куьг дахьар, хIунда аьлча иза Везачу Эло къобалвинарг ву». 8 Цу дешнашца цо шеца берш сацийра, Шаулна тIе куьг ца кховдадойтуш.

Ткъа Шаул, хьала а гIаьттина, хьеха чуьра ара а ваьлла, некъа тIе велира. 9 Дауд а хьалагIаьттира. Хьеха чуьра ара а ваьлла, цо Шаулна тIаьхьа мохь туьйхира: «Сан паччахь волу олахо!» – аьлла. Шаул юхахьаьжча, Дауд, цунна лаьтта кхаччалц охьа а таьIна, гора хIоьттира. 10 Дауда Шауле элира: «„Дауд хьуна зулам дан гIерташ ву“ – бохуш, хьайга мотт беттачу нахе ла хIунда дугIу ахьа? 11 Тахана хьан бIаьргашна гуш ма ду, эццахь йолчу хьеха чохь Везачу Эло хьо сан кара схьавелла хилар. Соьга, хьо ве бохуш, хьехарш деш берш а бара хьуна. Амма аса, хьох къинхетам беш, элира: „Аса сайн олахочунна тIе куьг хьур дац, хIунда аьлча иза Везачу Эло къобалвинарг ву“. 12 Сан да! Сан карахь йолчу хьайн бедаран кийсаке хьажахьа, аса схьахадийна йолчу. И аьтто сайна баьлла боллушехь, аса хьо ца вийра. ХIинца мукъана а хаахьара хьуна сан дага чохь хьо бахьана долуш я вон хIума а, я ямартло а йоцийла. Аса хьо бахьана долуш къа ца латийна, ткъа хьо сан синна тIаьхьаваьлла ву, иза дIадаккха лууш. 13 Везачу Эло къастайойла вайшиннан юкъаметтиг. Дала бекхам бойла хьуна со бахьана долуш. Амма сан куьг-м хьаккхалур дац хьох. 14 Хьалхалерчу заманчохь ма-аллара: „Зулам зуламечу нахера бен ца долу“. Аса хьуна тIе куьг хьур дац. 15 ††Хьанна дуьхьалваьлла Исраилан паччахь? Хьанна тIаьхьаваьлла лелаш ву хьо? Деллачу жIаьлина тIаьхьаваьлла, цхьана сагална тIаьхьаваьлла? 16 Везачу Эло Шен кхелаца нийсо йойла вайшинна юкъахь. Цо, Ша тIе а хьаьжна, сан гIуллакх къастор ду, со хьан куьйга кIелхьара схьа а воккхуш».

17 Дауд и дешнаш дIааьлла ваьллачул тIаьхьа, Шаула цуьнга элира: «Хьан аз дуй иза, сан кIант Дауд?» Цул тIаьхьа Шаул мохь туххуш велха волавелира. 18 Цо Дауде элира: «Хьо сол бакъ ву, хIунда аьлча хьо суна дика деш схьавеана, ткъа аса хьуна вонаш дина. 19 Тахана ахьа иза гайти. Везачу Эло со хьайн кара дIавелла воллушехь, сох къинхетам а бина, ахьа со вен ца вийра. 20 Хьан вохуьйтур вара шен мостагIа, шена каравеача, маьршачу новкъахула дIа? Везачу Элера ял хир ю хьуна ахьа тахана сан дуьхьа динарг бахьана долуш. 21 Суна хIинца хаьа паччахьалла хьоьгахь хир дуйла а, Исраилан пачхьалкх хьан карахь чIагIъелла дIахIуттур юйла а. 22 Ткъа хIинца Везачу Элан цIарах дуй баа беза ахьа суна, со веллачул тIаьхьа сан хIу айхьа хIаллакдийр дац аьлла а, сан ден доьзалан цIе йовр яц аьлла а». 23 Дауда Шаулна и чIагIо йира.

Шаул шен цIа вахара, ткъа Дауд шеца болчаьрца шаьш чIагIйинчу меттиге хьалавелира.

### Дауддий, АбигIаллий

25 Шамъал кхелхира. Массо а исраилхо иза дIаверзо схьагулвелира. Белхаршца, чIогIа халахетарца иза шен цIахь, Рамехь, дIавоьллира цара.

Дауд, хьала а гIаьттина, лам тIера Паран олучу яьссачу аренга охьавоьссира. 2 МаIунахь Iаш чIогIа вехаш волу цхьа стаг вара. Цуьнан хIусамех цхьаъ Кармал-юьртахь яра. Цу стеган долахь кхо эзар уьстаггIий, цхьа эзар газий яра. Иза Кармал-юьртахь шен жа лоргучохь вара. 3 Цу стеган цIе Набал яра, цуьнан зудчун цIе АбигIал яра. ЧIогIа хьекъал долуш а, юьхь тIера хаза а яра и зуда, ткъа и стаг чIогIа къиза а, дера а вара. Иза ша Килабан тIаьхьенах вара. 4 Цу яьссачу аренгахь Даудана хезира, Набал шен уьстагIий лоргуш ву аьлла. 5 Дауда итт жима стаг вахийтира, царна тIе а дуьллуш: «Кармал-юьрта чу а довлий, Набал волчу а гIой, сан цIарах салам-маршалла дIало цуьнга. 6 Набале иштта ала: „Маьрша хуьлда хьо, маьрша хуьлда хьан мел долу хIума а. 7 Суна дукха хан йоццуш хезнера, хьо волчохь уьстагIий лоргуш ду аьлла. Тхоьца болу хьан жаIуй оха охьа а ца теIийнера, церан цхьа а хIума ян а ца яйнера, уьш тхоьца Кармал-юьрта уллохь болчу хенахь. 8 Хьайн ялхошка хатта мегар ду хьуна иза, цара эр ду хьоьга цунах лаьцна бакъдерг. Хьо а хилахьара къинхетаме аса дIабахкийтинчу кегийчу нахаца: тхо той хIотточу дийнахь даьхкина хьуна. Хьайн куьйгана карош ерг лохьа хьайн лешна а, хьайн кIант волчу Даудана а“».

9 Дауда бахийтинчара Набале и къамел Даудан цIарах дIадира, тIаккха уьш тап-аьлла дIатийра. 10 Амма Набала Даудан ялхошка реза воцуш жоп делира: «Дауд мила ву? Мила ву Юшайн кIант? ТIаьхьарчу хенахь дукха лай бевлла, шайн олахойх уьдуш болу. 11 УьстагIий лоргуш болчарна аса кечдина долу бепиг а, хи а, жижиг а дIадала деза те аса сайна мичара бевлла а ца хууш болчу нахана?!»

12 Дауда бахийтина болчара, шаьш дIабаханчу новкъахула юха а баьхкина, шайна хезна долу дешнаш Дауде дIадийцира. 13 ТIаккха Дауда шен нахе элира: «ХIораммо а шен юкъах тур дIадехка». Массара а шайн юкъах герз дихкира. Дауда а дIадихкира шен юкъах тур. Виъ бIе стаг Даудана тIаьхьахIоьттира, ткъа ши бIе стаг шаьш схьаеана йолчу хIуманашна уллохь сецира.

14 Набалан зудчуьнга АбигIале церан цхьана ялхочо хаам беш элира: «Дауда яьссачу аренгара шен векалш бахкийтинера вайн олахочуьнга маршалла хоттуш, амма цо уьш, чIогIа юьхь йоцуш вист а хилла, дIабахийти. 15 И нах тхоьца чIогIа дика бара, цара тхо хьийза а ца дора. Уьш тхуна уллохь арахь болчу хенахь тхан цхьа а хIума а ца яйнера. 16 Оха царна уллохь даьхни дажочу хенахь

---

† 24:7 Шамъал 26:11. †† 24:15 Шамъал 26:20.

уьш, тхо лар а деш, Iалаш а деш, гобаькхкхина болу
пен санна лаьттара. 17 Ойла а яй, хьажа вай хIун
дан деза, хIунда аьлча вайн олахо а, цуьнан дерриг
цIа а кхерамехь ду. Амма иза чIогIа вон стаг ву,
цуьнга цхьа а вистхила ца ваххьал».
18 ТIаккха АбигIала катоьхна ши бIе бепиг а, чохь
чагIар долу ши *пIаьлдиг* а, кечбина болу пхи
уьстагI а, пхи сахь кхерзина кIен буьртигаш а, бIе
курс кишмаш а, Iаьвдина инжирийн ши бIе курс а
схьа а эцна, сихонца уьш варрашна тIеехкира. 19 Цо
шен ялхошка элира: «Суна хьалха а довлий, дIагIо,
со тIаьхьа йогIур ю шуна». Набале цо хIумма а ца
элира.
20 АбигIал, вир тIе а хиъна, ломарчу тача-
некъахула охьайогIуш, некъ дIабоьрзучу меттехь
цунна дуьхьалкхийтира Дауд а, цуьнца болу нах а.
21 Цул хьалха Дауда аьллера: «Аса яьссачу аренгахь
эрна лардина хилла цу стеган хьал, цунна тIера
цхьа а хIума гал а ца долуьйтуш. Диканна дуьхьал
вон доккху цо. 22 Дала, Шен лааме хьаьжжина,
луьра таIзар дойла сан мостагIашна †, кханалера
Iуьйре тIекхачале, аса Набалан цIентIера цхьа а
боьрша стаг дийна витахь».
23 Дауд шена гича, АбигIал, сихха вирана тIера
охьа а йоьссина, Даудана хьалха гора юьйжира,
лаьтта кхаччалц шен корта охьа а таIош. 24 Цуьнан
когаш хьалха охьа а йоьжна, цо элира: «Сан эла,
бехк суна тIехь хуьлийла! Хьан лай ерг хьайга
йистхилийтахьара ахьа, соьга ла а догIахьара.
25 Сан олахо, Набал боху и вон стаг, тергал а ца веш,
витахьара ахьа. Шен цIе иштта хиларе терра – ша а
ма ву иза. Цуьнан цIе, Набал, „Iовдал“ бохучух
терра ю, ткъа, бакъдерг аьлча, и Iовдалалла
цуьнца ю. Ткъа хьан лай йолчу суна ахьа
бахкийтина болу хьан ялхой ца гина. 26 Ткъа
хIинца, сан олахо, дийна волчу Везачу Элах а, хьох
а чIагIо йо ас, Везачу Эло хьоьга цIий Iана ца
дайтина а, бекхам ца байтина а хиларна, хьан
мостагIий а, хьуна дуьхьал мостагIалла лелош
берш а Набал санна хилла дIахIуьттийла! 27 ХIара
совгIаташ хьан лай йолчу аса сайн олахочунна
деана ду, цунна гIуллакх деш лелаш болчу кегийчу
нахана дIадала. 28 Хьан лай йолчу суна къинтIера
валахьара хьо. Везачу Эло сан олахочун тIаьхье
билггал чIагIйина дIахIоттор ю, хIунда аьлча
Везачу Элан тIемаш схьабахьаш вогIуш ву сан
олахо. Хьо мел веха зуламе дерг ца даьлла хьох.
29 Нагахь санна хьо вен дагахь хьуна цхьаъ
дуьхьалвалахь, сан олахочун са хьан Везачу Делан
дахаран шедан юккъехь дIадихкина хир ду, ткъа
хьан мостагIийн са Цо, ширдолагца кхоьссича
санна, дIакхуссур ду. 30 Веза Эла Ша лерина долу
массо а дика сан олахочунна дина ваьлча, Цо иза
Исраилан халкъана тIе баьчча вина дIахIоттор ву.
31 Ша бехк боцучеран цIий Iанийна аьлла а, иштта
бекхам ца беш, кIелхьарваьлла аьлла а, чов хир яц
сан олахочун дага тIехь. Везачу Эло сан
олахочунна дика дича, хьан лай ерг хьуна
дагайогIийла».
32 Дауда АбигIале элира: «Хастам бу Исраилан
халкъан Везачу Далла, хьо хIинца суна дуьхьал
яийтина волчу! 33 Декъала хуьлда хьан хьекъал а,
хьо-хьуо а, бекхам беш соьга эрна цIий ца
Iанадайтина йолу. 34 Амма дийна волчу а, соьга
хьуна зулам ца дайтина волчу а Исраилан халкъан
Везачу Делах чIагIо йо ас, тахана хьо сихъелла
суна дуьхьал еана ца хиллехь, Набалан цIийнах
волу цхьа а боьрша стаг кханалерчу Iуьйренга
ваьлла хир ма вацара». 35 Дауда цуьнан карара цо
еана йолу хIуманаш схьаийцира. Цо элира:
«Маьрша хьайн цIа дIагIо. Хьоьга ла а доьгIна, аса
хьан юьхь ларйина».
36 АбигIал Набал волчу схьаеара. Ткъа кхеран
цIахь доккха той дара. Набалан дог сакъералуш
дара, иза чIогIа вехна а вара. Iуьйре тIекхаччалц,
доца а, деха а цхьа дош ца элира АбигIала Набале.
37 Iуьйранна, Набал метта веанчу хенахь, зудчо
дерриге а дIадийцира цуьнга. Дог чIогIа тохаделла,
иза, тIулг санна, чIагIвелла дIахIоьттира. 38 Итт де
даьлча, Везачу Эло туьйхира Набална, иза велира.
39 Даудана, Набал велла аьлла, дIахезира. Цо
элира: «Хастам бу Везачу Элана, со юьхьIаьржачу
хIотто гIиртина волчу Набална таIзар дина волчу а,
вон ца дойтуш, Шен лай кIелхьарваькккхина волчу
а Везачу Эло Набалан зулам цуьнан шен коьрта тIе
дерзийна».
АбигIале, иза шена маре дIаюьгу ша аьлла,
дIаала бахийтира цо. 40 Даудан ялхоша, АбигIал
йолчу Кармала а баьхкина, цуьнга элира: «Дауда
дахкийтина тхо хьо шена маре дIайига».
41 Цо, хьала а гIаьттина, корта лаьтта кхаччалц
охьа а таIийна, элира: «Хьан лай кийча ю шен элан
ялхойн когаш била а». 42 АбигIал, сихонца кеч а
елла, вирана тIехиира. Цунна тIаьхьахIоьттина пхи
ялхо яра. Дауда бахкийтинчаьрца дIа а яхана,
цуьнан зуда хилла дIахIоьттира иза.
43 ИзраIал-юьртара АхьнуIмат а дIайигира Дауда.
Цу шиннах цуьнан зударий хилира. 44 ††Ткъа Шаула
Даудан зуда йолу шен йоI Михула Галламерчу
Лайшин кIант волчу Палтиале дIаелла хилла.

### Дауда юха а къинхетам бо Шаулах

26 ‡Зипахоша, Шаул волчу ГебаIе а баьхкина,
элира: «Дауд тхо долчохь, Яшимунан дозанна
уллохь болчу Хьахила-барза тIехь, къайлаваьлла
лелаш ву». 2 Шаул, хьала а гIаьттина, Зип олучу
яьссачу аренга охьавеара. Цуьнца цхьаьна
исраилхошна юкъара тоьлла волу кхо эзар тIемало
а вара. Уьш Зипахь Дауд лаха арабевллера. 3 Шаул
Яшимунан дозанна уллохь болчу Хьахила-барза
тIехь сецира, некъана генахь воццуш. Ткъа цу
арахь Iаш волчу Даудана гуш дара, Шаул шена
тIаьхьавеана хилар. 4 Дауда, цига шен тергамча а
вахийтина, ладоьгIча, цунна хиира и веанарг

† *Сан мостагIашна *– Грекийн гочдар тIехь: *суна.**

†† *25:44 Дауд 3:14-16.* ‡ *26:1 Забур 53:1.*

билггал Шаул вуйла. [5] Хьала а гӀаьттина, Шаул шен
эскарца сецначу метте вахара Дауд. Цунна гира
Шаул а, цуьнан эскаран хьаькам волу Неран кӀант
Абунар а вижина Ӏуьллуш йолу меттиг. Шаул четар
чохь вижина Ӏуьллуш вара, ткъа цуьнца долу адам
цу четарна гонах шайн четарш чохь дара.
[6] Дауда хьетахо волчу Ахьи-Малике а, Йоабан
ваша волчу Царуятан кӀанте Абушайга а элира:
«Мила вогӀу соьца Шаулан *меттаматте*?»
Абушайс элира: «Со вогӀур ву хьоьца».
[7] Дауд Абушайца цхьаьна буьйсанна уьш болчу
вахара. Царна гира четар кӀелахь вижина Ӏуьллуш
волу Шаул. Цуьнан *гоьмукъ* гӀовланна уллохь
лаьттах боьллина бара. Абунар а, вуьш а гонах
бийшина Ӏохкуш бара. [8] Абушайс Дауде элира:
«Дала хьан мостагӀа хьан кара схьавелла. Соьга
иза, цкъа гоьмукъ тоьхна, лаьттах дӀалатавайтахьа.
Аса цунна шолгӀа тухур яц хьуна».
[9] Амма Дауда Абушайга элира: «Ма ве иза. Мила
висина Везачу Эло къобалвинчунна тӀе куьг
даьхьнарг бекхам ца хуьлуш? [10] Дийна волчу
Везачу Элах чӀагӀо йо ас, Цо Ша цунна бекхам бийр
бу. Иза лийр волу де тӀекхочур ду, я, тӀам тӀе а
вахана, цигахь лийр ву иза. [11] Ткъа Везачу Эло суна
доьхкийла Ша къобалвинчунна тӀе куьг дахьар.
Схьаэца цуьнан гӀовлангахь болу гоьмукъ а, чохь
хи долу кхаба а, вай хиллачу дӀагӀур ду вай».
[12] Дауд, Шаулан гӀовлангара гоьмукъ а, цигахь чохь
хи а долуш лаьттина йолу кхаба а схьа а эцна, ша
хиллачу дӀавахара. Уьш кхуза баьхкинийла
цхьанна а хаа а ца хиира, цхьа а сама а ца велира,
хӀунда аьлча царна тӀегӀоьртинарг Везачу Элера
йолу наб яра.
[13] ТогӀин дехьа агӀор а ваьлла, геннахь лаьтташ
болчу гунна тӀе а ваьлла, дӀахӀоьттира Дауд. Царна
юкъахь йоккха меттиг яра. [14] Дауда халкъе а, Неран
кӀанте Абунаре а, мохь туххуш, элира: «Жоп ло,
Абунар!»
Абунара, жоп луш, элира: «Хьо мила ву, мохь а
бетташ, паччахьна новкъарло ян?»
[15] Дауда Абунаре элира: «Къонах вац хьо?
Исраилан махкахь хьоьца нисвала мила ву? ХӀунда
ца ларво ахьа паччахь волу хьайн олахо? Халкъана
юкъара цхьа стаг веанера шу долчу хьан паччахь
волу олахо вен. [16] Йоккха ледарло яьлла хьоьгара.
Дийна волчу Везачу Элах чӀагӀо йо ас, Цо
къобалвинарг аша лар ца варна шу дайа бен ца
деза. Хьажал, мичахь бу паччахьан гӀовлангахь
хилла болу гоьмукъ а, чохь хи лелош йолу цуьнан
кхаба а?»
[17] Шена Даудан аз девзича, Шаула элира: «Хьан аз
дуй иза, сан кӀант Дауд?»
Дауда элира: «Сан аз ду, сан паччахь волу олахо».
[18] Цо кхин а тӀетуьйхира: «Муьлхачу бахьанина
ваьлла сан эла шен лай волчунна тӀаьхьа? ХӀун
даьлла соьгара? Стенна бехке ву со? [19] ХӀинца
мукъана а ладогӀахьара сан олахочо шен лай
волчо бохучуьнга. Нагахь санна Везачу Эло хьан
дага чу со бахьана долуш оьгӀазло кхоьллинехь,
соьгара хаза хьожа йогӀу сагӀа дӀаэцахьара Цо.
Амма адамаша со бахьана долуш хьан дага чохь
оьгӀазло кхоьллинехь, Везачу Элана хьалха неӀалт
хилла дӀахӀуьттийла уьш, хӀунда аьлча цара, со
Везачу Эло суна делла долчу лаьттан декъа тӀера
хьала а гӀаттийна, олуш ду: „Ваха а гӀой, хийрачу
къаьмнийн деланашна Ӏамал е“, – аьлла. [20] Везачу
Элана геннахь долчу лаьтта тӀе сан цӀий ма
Ӏанадайтахьара ахьа. Исраилан халкъан паччахь
цхьа сагал лаха араваьлла, лаьмнашкахь цхьана
мошанна тӀаьхьабевлла леларш санна».
[21] Шаула элира: «Къа латийна аса сайх. ЦӀа верза,
сан кӀант Дауд. Аса сайгара кхин зулам доккхур дац
хьуна. Тахана ахьа гайти, сан са хьуна деза
хетийла. Корта боцуш долу хӀуманаш лелийна
хилла аса, сайх дукха къинош а летош».
[22] Дауда, жоп луш, элира: «ХӀара бу шуна
паччахьан гоьмукъ. Цхьа жима стаг схьаваийта,
хӀара дӀабахьа. [23] Везачу Эло нийса а, тешаме а
волчу хӀораннан а аьтто бо. Везачу Эло хьо сан
кара схьавеллера, амма Цо къобалвинчунна тӀе
куьг дахьа ца лиира суна. [24] Тахана сан бӀаьргашна
хьалха хьан дахар суна деза ма-хеттара, сан дахар
а хуьлийла Везачу Элан бӀаьргашна хьалха. Со
массо а бохамех Цо кӀелхьарвоккхийла!»
[25] Шаула Дауде элира: «Дала декъалбойла хьан
некъ, сан кӀант Дауд. Мел долу гӀуллакх кхочушдан
аьтто хир бу хьан».
Дауд шен новкъа дӀавахара, ткъа Шаул шен цӀа
юхавирзира.

## Дауд пӀелаштамхой болчохь Ӏа

27 Дауда, ойла а йина, шен дагахь элира:
«Мацца а со Шаулан каравахале, суна уггар а
тоьлушха дерг пӀелаштамхойн лаьтта тӀе ведда
дӀавахар ду. ТӀаккха Шаул со лоьхуш Исраилан
махкахула суна тӀаьхьаваьлла лелачуьра соцур ву,
ткъа со цуьнан куьйга кӀелхьара дӀавер ву». [2] Хьала
а гӀаьттина, Дауд, шеца волу ялх бӀе стаг а эцна,
Гати-гӀалахь паччахь волу МаӀухин кӀант Ахаш
волчу вахара. [3] Иза шеца болчаьрца Ахаш волчу
Гати-гӀалахь ваха хиира, хӀора стаг а шен-шен
доьзалца. Даудаца цхьаьна цуьнан ши зуда а яра –
израӀалхо йолу АхьнуӀмат а, хьалха Набалехь хилла
йолу кармалхо АбигӀал а. [4] Шауле, Дауд Гати-гӀала
ведда дӀавахана аьлла, хабар дӀакхечира, тӀаккха
иза Дауд лоьхучуьра сецира. [5] Дауда Ахаше элира:
«Хьо суна реза велахь, суна ахьа цхьана жимачу
гӀалахь меттиг билгалъяьккхича, со цигахь Ӏийр
вара. Хьан лай хӀунда Ӏан веза хьоьца нийсса
паччахь Ӏачу гӀалахь?» [6] Ахаша цунна ЦакхелагӀ
олуш йолу гӀала елира. Цундела ЦакхелагӀ
таханлера де тӀекхаччалц а яхӀудхойн паччахьийн
карахь йисина. [7] Цхьа шой, биъ буттий баьккхира
Дауда пӀелаштамхойн махкахь.
[8] Дауд, шеца болчаьрца ара а волий,
гешурхошний, гирзахошний, Ӏамалекхахошний

тIелеташ хилла. (И халкъаш дукха заманара дуьйна
Шур-гIалина а, ур-атталла Мисар-махкана а
тIекхаччалц дехаш хилла.) 9 Церан бахам (уьстагIий
а, стерчий а, варраш а, эмкалш а, тIеюху бедарш а)
схьа а боккхий, Дауда я стаг а, я зуда а дийна
дуьтуш ца хилла. ТIаккха иза Ахаш волчу
схьавогIуш хилла. 10 Ахаша хоттура Дауде: «ХIинца
хьанна тIелеттера шу?» Дауда жоп лора: «НегIаб
арахь болчу ЯхIуд-махкана», я цо жоп лора:
«Яьссачу арахь болчу ярахьмиалхошна», я:
«Яьссачу арахь Iаш болчу кхенахошна». 11 Дауда я
стаг а, я зуда а дийна ца дуьтура. Цо уьш Гати-гIала
схьа а ца балабора. Дауда ойла йора: «Цара, вайна
мотт тухуш, ала мега: „ХIара зулам Дауда дира“, –
аьлла. Дауда ша пIелаштамхойн латтахь мел
яьккхина йолу хан иштта лелаш яьккхира».
12 ТIаккха Ахаш Даудах тийшира. Шен дагахь цо
бохура: «Иза шен Исраилан халкъана бIаьрга ван
ца веза. И бахьана долуш иза, схьахетарехь,
гуттаренна а сан ялхо хир ву».

### ПIелаштамхой тIамана кечлуш бу

28 Цу заманчохь пIелаштамхоша шайн эскар
кечдина хилла Исраилан халкъаца тIом бан.
Ахаша Дауде элира: «ДIахаалахь, хьо а, хьоьца
болу нах а соьца цхьаьна гIовтта безийла».
2 Дауда Ахаше элира: «ХIинца хуур ду хьуна хьан
лай волчуьнга хIун далур ду».
Ахаша Дауде элира: «ТIаккха аса хьох массо а
ханна сайн ларвархо вийр ву».

### Шаул адамийн синош тIедоьху зуда йолчу вахар

3 †Шамъал кхелхинера. Дерриг а Исраилан халкъ
цунна тIаьхьа доьлхуш хиллера. Иза ша ваьхна
йолчу Рамехь дIавоьллинера. Ткъа адамийн синош
тIедоьхуршший, пал туьйсуршший шен
пачхьалкхера лаьхкина дIабахийтинера Шаула.
4 ПIелаштамхоша, вовшах а кхетта, шайн
*меттамотт* Шунамехь дIахIоттийра. Шаула а
схьагулдира дерриг а Исраилан эскар. Уьш ГилбаI-
ломахь схьагулбелла дIахIиттира. 5 Шена
пIелаштамхойн эскар схьагича, Шаул воьхна
хьаьвзира, цуьнан дага чу кхерам буьйжира. 6 ††Цо
Везачу Эле хаттарш дора, амма Иза цунна набарха
а, Урим олучу безачу тIулгаца а, пайхамаршкахула
а жоп луш вацара. 7 ТIаккха Шаула шен ялхошка
элира: «Схьалаха суна деллачу адамийн синош
тIедоьху зуда, аса цуьнга хоттур ду».
Ялхоша цуьнга жоп делира: «Iейндар-гIалахь Iаш
ю адамийн синош тIедоьху зуда».
8 Шена тIера бедарш дIа а яьхна, кхин бедарш
тIеюьйхира Шаула. Иза, кхин ши стаг а волуш,
буьйсанна и зуда йолчу вахара. Шаула цуьнга
элира: «Аса дехар до хьоьга, суна пал а тасий, аса
хьайга вийцинарг со волчу схьаккхайкхахьара
ахьа».
9 Амма зудчо цуьнга жоп делира: «Хьуна хууш ма
ду Шаула динарг. Цо пал тосуш берш а, адамийн
синош тIедоьхуш берш а махках ма баьхна. Хьо со
ейта суна гур бугIуш ву».
10 Шаула, Везачу Элах дуй бууш, элира: «Дийна
волчу Везачу Элах дуй боу ас, хьуна и хIума
бахьана долуш цхьа а тайпана зулам хир ма дац».
11 ТIаккха зудчо хаьттира: «Аса хьаьнга кхайкха
хьуна?»
Цо элира: «Шамъале кхайкха».
12 Шена Шамъал гича, зудчун мохь белира. Цо
Шауле элира: «Со стенна лейо ахьа? Хьо Шаул ма
ву».
13 ТIаккха паччахьо цуьнга элира: «Кхера ма ло.
ХIун го хьуна?»
Зудчо элира: «Суна лаьттара хьаладолуш цхьа
жин го». 14 «Муха ду цуьнан сибат?» – хаьттира
цуьнга Шаула.
Цо элира: «Лаьттара хьалаволуш, тIехь еха
бедарш а йолуш, воккха стаг ву».
ТIаккха Шаулна хиира иза Шамъал вуйла. Шен
юьхь лаьттах хьакха а йолуьйтуш, цо цунна корта
туьйхира.
15 Шамъала Шауле хаьттира: «Со стенна
меттахвоху ахьа? Соьга хIунда кхойкху хьо?»
Шаула элира: «Суна чIогIа хала ду. ПIелаштамхой
суна дуьхьал гIевттина тIамца. Дала суна букъ
берзийна. Цо суна я пайхамаршкахула а, я гIенах а
жоп ца ло. Цундела аса хьоьга кхойкху, айса дан
дезачух дагавала».
16 Шамъала элира: «Соьга стенна до ахьа хаттарш,
Веза Эла хьан мостагIа хилла дIахIоьттина хилча?
17 ‡Везачу Эло соьгахула Ша дийр ду аьлларг дийр
ду. Цо, хьан карара пачхьалла схьа а даьккхина,
хьуна уллохь хиллачу Дауде дIаделла. 18 ‡‡Везачу
Эло бохучуьнга ахьа ла ца дуьйгIира.
Iамалекхахошна чIогIа оьгIаз а вахана, Цуьнан
омра кхочуш ца динера ахь, цундела тахана Везачу
Эло хьуна иза до. 19 Везачу Эло пIелаштамхошка
Исраилан халкъана тIехь толам боккхуьйтур бу.
Кхана хьо а, хьан кIентий а соьца хир бу.
Исраилхойн эскар кхана пIелаштамхойн карахь
хир ду».
20 ТIаккха Шаул, цIеххьана вахвелла,
охьавуьйжира. Иза чIогIа кхеравелира Шамъала
шега аьллачу дешнех. Цуьнгахь гIора дацара,
хIунда аьлча цо цу дийнаххьий, бусий яа хIума ца
йиъънера. 21 И зуда Шаулна тIееара. Цунна гира иза
чIогIа кхеравелла хилар. Зудчо элира: «Сан
дахарна сайна кхерам боллушехь, аса ахьа бохург
дина. 22 ХIинца аса доьху хьоьга, ахьа а
ладогIахьара хьайн лай йолчо бохучуьнга. Аса
хьуна цхьажимма хьокхам лур бу, иза баахьара
ахьа. Новкъа ваьлча, хьоьгахь ницкъ хир бара».

† *28:3 Iамалъяр 20:27; Карлабаькkхинарг 18:10, 11.* †† *28:6 Лелар 27:21.*
‡ *28:17 Шамъал 15:28.* ‡‡ *28:18 Шамъал 15:3-9.*

23 Амма цо шега бохучуьнга ла ца дуьйгIира.
Шаула элира: «Аса хIума юур яц». Амма Шаулан
ялхой цу зудчуьнца цхьаьна, хIума яа бохуш, дехар
дан буьйлабелира цуьнга. Эххар а Шаула цара
бохург дира. Лаьттара хьала а гIаьттина, иза метта
охьахиира. 24 Цу зудчун цIахь дустийна эса дара.
Сихха иза ден а дийна, дама схьа а эцна, бод а
хьаккхийна, совсоза долу хьокхамаш дира цо.
25 Шаулна а, цуьнан ялхошна а яа хIума хIоттийра
цо. Шайна хIума а кхаьллина, уьш цу буссехь,
хьала а гIевттина, дIабахара.

### ПIелаштамхоша Дауд юхатотту

29 ПIелаштамхоша шайн мел долу эскар
Апакхахь схьагулдира, ткъа исраилхой
ИзраIал цIе йолчу гIалина уллохь долу хьоста
долчу дIахIиттира. 2 ПIелаштамхойн элийн эскар
шайн бIе а, эзар а тIемало юкъахь волчу
тобанашца цхьаьна богIуш бара, ткъа Дауд шен
тIемалошций, Ахашций цхьаьна тIаьхьасецна
вогIуш вара. 3 ПIелаштамхойн элаша хоьттура:
«Уьш хIун Iебархой бу?»
Ахаша царна жоп делира: «Шуна ца хаьа, иза
Исраилан паччахь волчу Шаулан лай волу Дауд
вуй? Иза соьца волу цхьа шо сов зама ю. Иза со
волчу веанчу хенахь дуьйна хIара де тIекхаччалц
суна цхьа а вон хIума ца даьлла цуьнгара».
4 Цунна чIогIа реза боцуш хьаьвзира
пIелаштамхойн элий. Цара Ахаше элира:
«ДIавахийта и стаг. Ахьа цунна билгалъяьккхинчу
меттехь Iайта иза. Тхоьца тIамтIе а ма ваийта,
цунах вайна мостагIа ма хилийта. ХIун дина
хьостур ду цо шен паччахьан дог? Вайн нах а
байина хьостур ду. 5 †Халхарш дечу хенахь цунна-м
ца лекхна те: „Шаула эзарнаш байина, ткъа Дауда –
итт эзарнаш“, – бохуш йолу йиш?»
6 Ахаша, Дауд схьа а кхайкхина, элира: «Дийначу
Везачу Элах чIагIо йо ас: хьо цIена ву, суна луур
дара хьо сайна уллохь хуьлийла. Суна хьоьгара
цхьа а вон хIума а ца даьлла, хьо со волчу веанчу
хенахь дуьйна хIара де тIекхаччалц. Амма
пIелаштамхойн элашна хьо дика ца хета. 7 Цундела,
элий оьгIаз ца бахийта, маьрша юхаверза».
8 Амма Дауда Ахаше элира: «Соьгара хIун даьлла?
ХIун гина хьуна соьгара, со хьо волчу веанчу
хенахь дуьйна хIара хан тIекхаччалц? Со ваха
мегар дац сан паччахь волчу олахочун
мостагIашца тIом бан?»
9 Ахаша Дауде жоп делира: «Теша мегар ду хьуна:
сан бIаьргашна хьалха хьо цIена ву, Делан *малик*
санна. Амма пIелаштамхойн элаша: „Вайца иза
тIамтIе ма ваийта“, – аьлла. 10 Цундела, Iуьйранна
хьала а гIаттий, хьо а, хьоьца баьхкина болу хьан
ялхой а сирла йолчу хенахь дIагIо».
11 Дауд а, цуьнца схьабаьхкинарш а Iуьйранна
пIелаштамхойн махка юхабирзира. Ткъа
пIелаштамхой ИзраIал цIе йолчу гIала дIабахара.

### Iамалекхахой ЦаккхелагIана тIелета

30 КхозлагIчу дийнахь Дауд а, цуьнан
накъостий а схьабаьхкира ЦаккхелагI-гIала.
Ткъа Iамалекхахоша, НегIаб цIе йолчу яьссачу
арахь йолчу ЦаккхелагIана тIе а летта, гIала
ягийнера. 2 Зударий а, цигахь шайна мел карийна
волу жима а, воккха а стаг, вен а ца вуьйш, йийсаре
дIавигнера. 3 Дауд а, цуьнца хилларш а гIала
схьакхаьчча, царна гира цIарца ягийна Iуьллуш
йолу гIала, ткъа кхеран зударий а, кIентий а,
йоIарий а йийсаре дIабигнера. 4 ЧIогIа белха
буьйлабелира Дауд а, цуьнца хилларш а. Кхин
белха шаьш де доцуш биссалц, билхира уьш.
5 ††Йийсаре дIайигнера Даудан ший а зуда:
израIалхо йолу АхьнуIмат а, Набалехь хилла йолу
кармалхо АбигIал а.
6 Шайна тIекхаьчна долу вон ла ца луш, шайн
кIентий а, йоIарий а дIабигна карийна, доьхна
хьийзаш долу адам Даудана тIе тIулгаш детта
гIерташ дара. И хIума бахьана долуш чIогIа
воьхнера Дауд а, амма иза, шен Везачу Делера
дегайовхо а карийна, чIагIвелира. 7 ‡Цо *динан да*
волчу Ахьи-Маликан кIанте Абу-ЯтIарига элира:
«Схьая кхуза еза *ийпад*». Абу-ЯтIарис Даудана тIе
иза схьаеара. 8 Везачу Эле Дауда хаттар дира:
«ТIаьхьаваха везий со цу мостагIийн цIазана?
ТIаьхьакхуьур вуй со царна?»
Цуьнга жоп кхечира: «ТIаьхьавала. ТIекхочур ву
хьо, уьш схьа а бахалур бу хьоьга».
9 Шеца ялх бIе стаг а волуш, Дауд новкъа велира.
Уьш Бачор олуш йолу хин Iовраш йолчу кхечира.
КIадбелларш цигахь севцира. 10 Виъ бIе стаг
цхьаьна а волуш, Дауд, цигахь ца соцуш, дIавахара.
Ткъа важа ши бIе стаг, шаьш чIогIа кIадбелла хилар
бахьана долуш, Бачоран Iоврел дехьа а ца
валавелла, цигахь сецира. 11 Царна аренгахь цхьа
мисархо карийра. Иза Дауд волчу схьа а валийна,
цунна яа хIума а, хи а делира цара. 12 Цара
мисархочунна Iаьвдина инжирийн цхьа курс а,
кишмийн ши курс а елира. Уьш дIадиъча, цуьнан
ницкъ юхабирзира. Цу стага даа хIума дааза а, хи
малаза а кхо дей-буьйсий дара. 13 Дауда цуьнга
хаьттира: «Хьо хьенан ву, мичара вогIуш ву?»
Цо жоп делира: «Со мисархо ву, цхьана
Iамалекхахочун лай а ву. Цо со дIатесна, кхо де
хьалха со цомгуш хилла дела. 14 Тхо кератхойн а,
ЯхIудан тайпанан а, Килабан гаранан а НегIабахь
болчу мехкашна тIегIоьртинера, ткъа ЦаккхелагI
оха цIарца ягийра».
15 Дауда цуьнга элира: «ДIавуьгур вуй ахьа со
мостагIийн цIоз долчу?»
Цо элира: «Делах дуй баа суна, ахьа со вуьйр вац
аьлла а, со сан олахочун кара дIалур вац аьлла а.
ТIаккха аса хьо мостагIийн цIазана тIе вуьгур ву».
16 Цо уьш цига дIабигира.

† 29:5 Шамъал 18:7; 21:11.

†† 30:5 Шамъал 25:42, 43. ‡ 30:7 Шамъал 22:20-23.

Іамалекхахой цу меттигехула дІаса а баьржина,
дууш, молуш бара, пІелаштамхойн махкара а,
ЯхІуд-махкара а шайна караеана йолчу йоккхачу
хІонсах баккхий а беш. 17 ШолгІачу дийнахь Дауд
тІелетира царна. Іуьйранна дуьйна царна тІеетта
волавелла иза суьйренга велира. Цхьа а кІелхьара
ца велира, эмкалшна тІе а хиъна, ведда дІавахана
волу виъ бІе жима стаг воцург. 18 Цара дІа мел
даьхьна долу рицкъа а схьадаькккхира Дауда, шен
ши зуда а йийсарера мукъаяькккхира цо. 19 Церан
цхьа а я жиманиг а, я воккханиг а ца вайра. Массо
кІант а, йоІ а, дуьненан рицкъа а юхадерзийра
Дауда, Іамалекхахоша дІадаьхьна долу. 20 Дауда
массо а жима а, доккха а даьхни схьадаькккхира,
ткъа цуьнан накъосташа, шайна хьалха а даьхна,
дІадигира уьш. Наха бохура: «ХІара Даудан хІонс
ю».
21 Шаьш Бачор олуш йолу хин Іовраш йолчохь,
гІел а велла, витина волу ши бІе стаг волчу
схьакхечира уьш. Даудана а, цуьнца хиллачарна а
дуьхьал арабевлира уьш. ТІе а вахана, Дауда
цаьрга маршалла хаьттира. 22 ТІаккха кхуьнца
хилла болчу вон дог долуш болчу наха элира: «Уьш
вайца ца баьхкира. Цундела вай царна хІумма а
лур яц. ХІора стаг, шен зуда а, бераш а дІа а эций,
дІагІо».
23 Амма Дауда элира: «Иза ма дахьара аша, сан
вежарий. Везачу Эло вайна хІара хІума делла,
вайна дуьхьалдаьлла долу мостагІийн цІоз вайн
кара схьа а делла, вай кІелхьардаьхна. 24 Цу тІехь
шуна мила тІетовр ву? ТІамтІе баханчарна санна,
дакъа догІу тІеман гІирс ларбеш Іийначарна а:
хІума массарна а юкъахь декъа деза». 25 Цу хенахь
дуьйна Исраилан махкахь Дауда, цу тайпана нийсо
хила еза аьлла, дІахІоттийра. Иза хІара де
тІекхаччалц схьадогІуш а ду.
26 Дауд ЦакхелагІа юхавеара. Ша тІамехь
схьадаькккхинчух дакъа дахьийтира цо ЯхІуд-
махкарчу къаной болчу доттагІашна. Цо элира:
«ХІара ду шуна Везачу Элан мостагІашкара
схьадаькккхинчух долу совгІат». 27 Цунах дакъа
Бетал-гІалахь болчаьрга а, НегІабан Рамате а,
Итар-гІала а, 28 ІаруІера а, Чапмут-гІала а, ЭштамуІа
а, 29 Рахал-гІала а, ярахьмиалхойн а, кхенахойн а
гІаланашка а, 30 Хьорме а, Бор-Іашуна а, Іатах-гІала
а, 31 Хьевроне а, иштта ша а, шен накъостий а
леллачу массо а меттигашка дахьийтира.

## Шаулан а, цуьнан кІентийн а кхалхар

(1 Шерашкахь 10:1-12)

31 ПІелаштамхой исраилхошца тІом беш бара.
Исраилхой, царах бевдда боьлхуш, ГилбаІ
олучу лам тІехь дукха хІаллакьхилира. 2 Шаулна а,
цуьнан кІенташна а тІаьхьа а бевлла,
пІелаштамхоша цуьнан кІентий ЯхІуната а,
Абинадаб а, МалкишаІ а байира. 3 Шаулна гонах
болу тІом чІагІбелира. Къаьсттина чІогІа кхарна
ницкъ бора секхаІад кхоссархоша. Шаул къиза
чевнаш хилла вара. 4 Шаула шен герз лелош
волчуьнга элира: «Хьайн тур баттара а даккхий, со
вей дІаваккха, и дин доцу сунтбаза берш суна тІе а
кхаьчна, цара со веле а, хьийзавале а». Амма герз
лелориг, ша дукха кхераваларна, ца хІоьттира и
дехар кхочушдан. ТІаккха Шаула, шен тур схьа а
даькккхина, цунна тІе а вогІавелла, шех иза
чекхдаькккхира. 5 Шаул шена велла гича, цуьнан
герз лелориг ша а, шен туьрана тІе а вогІавелла,
велира. 6 Иштта велира цу дийнахь Шаул а, цуьнан
кІентех кхо кІант а, цуьнан герз лелориг а, цуьнан
массо стаг а. 7 ИзраІал-тогІина къилбаседехьа Іаш
болу а, Йордан-хинна малхбалехьа Іаш болу а
исраилхой а, шайна Шаул велла а, важа болу
исраилхойн тІемалой бевдда дІабахана а гича,
шайн ярташ а йитина, бевдда дІабахара. Ткъа
пІелаштамхой, церан ярташ дІа а лаьцна, цигахь
баха охьахевшира.
8 ШолгІачу дийнахь пІелаштамхой байина Іохкуш
болчарна тІера мехала йолу хІуманаш схьаяха
баьхкича, царна ГилбаІ-лам тІехь хиллачу тІамехь
байина болчу Шаулан а, цуьнан кхаа кІентан а
декъий карийра, 9 Шаулан корта схьа а баькккхина,
цуьнан герз схьа а эцна, цара массо а
пІелаштамхойн махкарчу халкъе хаам
дІакхачийра, иштта хаам бира шайн цІуш
дІахІиттийна долчу динан цІенош долчу а. 10 Цара
Шаулера схьадаькккхина долу герз шаьш
Іаштартана дина долчу динан цІа чу охьадиллира,
ткъа цуьнан дакъа Байт-Шанахь пена тІе
дІатуьйхира.
11 ГалІадарчу Явеш-гІалара болчу бахархошна
дІахезира пІелаштамхоша Шаулна динарг. 12 Массо
а майра стаг гІаьттира цигахь. Буса баха а бахана,
Шаулан а, цуьнан кІентийн а декъий Байт-Шанарчу
пена тІера охьа а даьхна, Явеш-гІала схьа а деана,
уьш цигахь дагийра цара. 13 Церан даьІахкаш, схьа
а гулйина, Явеш-гІалахь тамариск цІе йолчу дитта
кІелахь дІайоьхкира. ВорхІ дийнахь *марха* кхебира
цара.

# Дауд

### Дешхьалхе

тIехь кхидIа а дуьйцуш ду тIехь долийнарг. Тептаро дуьйцу Дауд паччахь хилла дIахIоьттинчу заманах лаьцна. Цкъа-делахь, Дауд къилбехьа болчу ЯхIуд-махкана тIехь паччахь хиларх лаьцна ду (1–4 кортош), шолгIа-делахь иза, къилбаседехьа болу Исраил-мохк чу а богIуш, дерриг а къомана тIехь паччахь хиларх лаьцна а ду (5–24 кортош). ЧIогIа говзачу дешнашца дуьйцуш ду Дауда къомана юкъахь болчу а, хийрачу а мостагIашца тIом бан безаш хиларх, шен пачхьалкх шоръярхьама а, иза чIагIъярхьама а. Гойтуш ду Даудан Делах тешар чIогIа хилар а, цо чIогIа Дела лоруш хилар а. Цул сов, шен къам шена тешаме хилийта а аьтто хилла цуьнан. Вукху агIор яздархочо гойту цкъаццIа иза къиза хилар а, шен лаамаш а, Iалашонаш а бахьанехь цо даккхий гIалаташ довлийтар а. Амма Везачу Элан пайхамар волчу Натас Дауде цуьнан къиношка цуьнга тидам бойту. Дауд царна къера а хуьлу, Дала дайитина таIзар цо тIе а оьцу.
Дауд-паччахьан дахаре а, цо динчу гIуллакхашка а боккха ларам болуш дара Исраилан халкъ. ТIаьхьарчу баланечу шерашкахь, нах кхин паччахь варе хьоьжучу хенахь, цара цу хинволчу паччахьах «Даудан кIант» олура, хIунда аьлча иза Даудах тера волу, цунах схьаваьлларг хин волу дела.

### Даудана Шаул веллийла хаьа

1 Iамалекхахой эша а бина, Дауд юхавирзинчул
тIаьхьа, цо ЦакхелагIахь ши де даьккхира. Иза
Шаул вийначул тIаьхьа дара. 2 КхоалгIачу дийнахь
Шаулан меттаматтера волу цхьа стаг кхечира Дауд
волчу. ТIера бедарш а этIийна, коьрта тIе йиллина
чан а йолуш вара иза. Дауд волчу схьакхаьчча,
лаьтта охьа а воьжна, цунна сужда дира цо. 3 Дауда
цу стаге хаьттира: «Хьо мичара веана?» – аьлла.
Вукхо цуьнга жоп делира: «Со Исраилан эскаро
тIом бинчу меттера кIелхьарваьлла схьавеана».
4 ТIаккха Дауда юха а цуьнга хаьттира: «ХIун хилла
цигахь? Схьадийца соьга».
Цу стага жоп делира: «ТIом баьллачуьра дукха
адам дедда дIадахана. Царах дукхахберш, байина,
хIаллакьхилла. Шаул а, цуьнан кIант ЯхIуната а
вийна».
5 ТIаккха иза шена дийцина волчу жимачу стаге
Дауда хаьттира: «Хьуна стенах хаьа, Шаул а, цуьнан
кIант ЯхIуната а веллийла?»
6 †Жимачу стага цуьнга элира: «Со ларамаза
ГилбаI олучу лам тIехь нисвеллера. Суна гира шен
гоьмукъана тIе таьIна лаьтташ волу Шаул, ткъа цу
хенахь гIудалкхашший, говрашкахь болу наххий
цунна тIекхаьчна богIуш бара. 7 Иза юхахьаьжча,
цунна со гира. Иза соьга кхайкхира. Аса жоп
делира: „Со ладугIуш ву“, – аьлла. 8 Цо соьга
хаьттира: „Хьо мила ву?“ Аса жоп делира: „Со
Iамалекххахо ву“. 9 ТIаккха цо соьга элира: „ТIе а
волий, со, вей, дIаваккха! Со валлал чIогIа Iазапехь
ву, суна чохь са делахь а“. 10 ТIаккха, тIе а вахана,
аса иза вийра, хIунда аьлча суна хаьара, ша
охьавоьжначул тIаьхьа, иза кхин вехар воцийла.
Цуьнан коьртара *таж* а, цуьнан куьйга тIера хIоз а,
схьа а эцна, аса кхуза схьабеана, сан эла».
11 Эццахь Дауда а, цуьнца мел хиллачара а шайна
тIера бедарш этIийра, и хIума чIогIа халахетарна.
12 Уьш боьлхуш, тийжаш, малх чубуззалц яа хIума
ца юуш Iийра, Шаул а, цуьнан кIант ЯхIуната а,
Везачу Элан халкъ долу дерриг Исраилан цIа а
бахьана долуш, уьш мостагIийн туьро хIаллакбина
дела.
13 Дауда и хIума шена дийцина волчу жимачу
кIанте хаьттира: «Хьо мичара ву?»
Цо жоп делира: «Со тIевеана волчу
Iамалекххахочун кIант ву».
14 ТIаккха Дауда хаьттира: «Муха ваьхьира хьо,
Везачу Эло къобалвина волчунна тIе куьг а
даьхьна, иза вен?» 15 Цул тIаьхьа, цхьа жима стаг
тIе а кхайкхина, цуьнга Дауда элира: «ТIе а волий,
иза ве». Цо иза вийра. 16 Дауда элира: «Хьайн
Iожаллина хьо-хьуо ву бехке, хIунда аьлча ахьа-
айхьа элира: „Аса вийра Везачу Эло
къобалвинарг“».

### Шаулах а, ЯхIунатех а лаьцна йолу Даудан назма

17 Дауд Шаулний, цуьнан кIант волчу ЯхIунатиний
вилхира, назма а олуш. 18 ††Цо омра дира

† *1:6-10 Шамъал 31:1-6; 1 Шерашкахь 10:1-6.*

яхIудхошка, секхаIад цIе йолу и назма † Iамае аьлла
(иза «Яшаран тептар» тIехь дIаязйина ю). Цо элира:
19 «Хьан хазна, Исраил, хьан лакхенаш тIехь
йоьжна!
Ма ийгир-кх и ницкъ берш!
20 Ма дийцалаш цунах лаций Гати-гIалахь,
Ашкхилунан урамашкахь дIа а ма кхайкхаделаш,
пIелаштамхойн зудабераш даккхий ца дейта,
сунтбаза болчеран зудаберашка и кхаъ ца
базбайта.
21 ГилбаIан ланьмнаш!
Я тхи а, я догIа а ма дужийла шуна тIе!
Ялтийн аренаш а ма хуьлийла шуна тIехь,
хIунда аьлча ницкъ болчеран *турс*, сийсаз а
даьккхина, доьжна цу меттехь,
Шаулан турс, зайтдаьтта хьакхаза долу!
22 ЯхIунатас шен секхаIодаца пхерчий кхиссича,
мостагIчун цIий Iожаллина Iенира.
Шаула шен тур майрачунна тоьхча,
тIингар чуьра иза эрна юха ца даьккхира.
23 Шаул а, ЯхIуната а,
шаьшшиъ вехачу хенахь хьоме а, нехан безам
болуш а вара,
Iожаллехь а ца къаьстина и шиъ вовшех.
Аьрзунел сиха а,
лоьмел ницкъ болуш а
вара и шиъ.
24 Исраилхойн мехкарий!
Шаьш таьIна-цIен бедаршца кечдеш,
дешица шун духар кхелина волчу Шаулна тIаьхьа
делхалаш.
25 Ма хIаллакьхили и къонахий тIеман аренгахь!
Ма вийна-кх ЯхIуната, лакхенашкахь Iуьллуш
волу!
26 Ма гIайгIане ву со, сан ваша ЯхIуната!
Суна хьо чIогIа хьомсара вара.
Зударийн соьца болчу безамал а,
хьан безам суна беза бара.
27 Ма хIаллакьхили ницкъ берш!
ТIеман герз ма хIаллакьхили!»

## Дауд ЯхIуд-мехкан паччахь дIахIоттар

2 Цул тIаьхьа Дауда Везачу Эле хаттар дира:
«ЯхIуд-махкарчу цхьана гIала гIой со?»
Везачу Эло цунна жоп делира: «ГIо».
ТIаккха Дауда юха а хаттар дира: «Мича гIо со?»
Юха а Цо жоп делира: «Хьевроне гIо». 2 ††Дауд
цига дIавахара, шеца шен ши зуда а эцна:
израIалхо йолу АхьнуIмат а, Набалх йисина йолу
кармалхо АбигIал а. 3 Дауда шеца болу нах а, церан
доьзалш а дIабигира. Уьш Хьевронехь баха
хевшира. 4 ‡ЯхIуд-махкарчу божарша, схьа а
баьхкина, шайн цIенна тIехь паччахьалла дан
къобалвира иза цунна тIе зайтдаьтта доттарца.

†† *1:18 ЮшаI 10:13.* † *СекхаIад цIе йолу и назма *– я иштта: *секхаIад лелор.** †† *2:2 Шамъал 25:42, 43.* ‡ *2:4 Шамъал 31:11-13.*

Кестта Дауде хабар кхечира, ГалIадарчу Явешан
бахархоша Шаул дIавоьллина аьлла. 5 Дауда
ГалIадарчу Явешан бахархой болчу шен геланчаш
бахийтира хабар эцна: «Везачу Эло шу
декъалдойла, шайн эла лаьттина волчу Шаулна,
иза дIа а верзош, шу тешаме хиларна. 6 ХIинца Веза
Эла шуьца дика а, тешаме а хуьлда. Со а шуьца
иштта дика хир ву, аша динарг бахьана долуш.
7 Ткъа хIинца шу доьналла долуш а, майра а хила
хьовса деза, хIунда аьлча шун эла хилла волу Шаул
кхелхина, ткъа со ЯхIудан тайпано шена тIехь
паччахь хила къобалвина».

## Иш-Бошат паччахь хилла дIахIутту

8 Амма Шаулан эскаран хьаькам волчу Неран
кIанта Абунара, Шаулан кIант Иш-Бошат схьа а
эцна, иза Махьанайме схьавалийра. 9 Цо иза
ГалIадана а, Ашурайна а, ИзраIална а, Эпраймана
а, Бен-Яманан махкана а, берриг а Исраилан
махкана а тIехь паччахь вина дIахIоттийра. 10 Цу
хенахь Шаулан кIентан Иш-Бошатан шовзткъа шо
дара. Шина шарахь лаьттира иза, Исраил-махкана
тIехь долу паччахьалла шен карахь а долуш.
Даудана тIаьхьа ЯхIудан тIаьхье бен ца хIоьттира.
11 ВорхI шараххьий, ялх баттаххьий лаьттира
Хьевронехь ЯхIудан тIаьхьенна тIехь Даудан
паччахьалла.

## Исраилхошна а, яхIудхошна а юкъахь хилла тIом

12 Неран кIант Абунар а, Шаулан кIентан Иш-
Бошатан эскархой а, Махьанаймера ара а бевлла,
ГавIон-гIала дIабахара. 13 Даудан тIемалошца
аравелира Царуятан кIант Йоаб а. Уьш ГавIонерачу
Iома йистехь дуьхь-дуьхьал кхийтира. ТIемалойн
цхьа тоба Iоман цхьана йисте охьахиира, ткъа
важа вукху йисте хиира. 14 Абунара Йоабе элира:
«Кегий нах, хьала а гIиттабай, шайга хIун дало
хьовсийта».
Йоаба жоп делира: «Дика ду, хьалагIовттийта».
15 Шаулан кIант волчу Иш-Бошатан агIонера
шийтта бен-яманхо хьалагIаьттира. Царна дуьхьал
Даудан шийтта эскархо а гIаьттира. 16 Цара
хIораммо а, вовшийн кортош схьа а лаьцна,
агIонаш чу тур дахийтира. И кIентий цхьаьний
охьаийгира. Цу меттиган цIе, ГавIонера Хьелкхат-
ХIацурайм аьлла, тиллира (иза «таррийн аре»
бохург ду).
17 Цу дийнахь цара чIогIа тIом бира. Даудан
эскархоша Абунар а, цуьнца хилла болу исраилхой
а эшийра.
18 Цигахь Царуятан кхо кIант вара: Йоаба, Абушай,
IасахIал. IасахIал, акха сай санна, чехка вадалуш
вара. 19 Иза Абунарна тIаьхьавелира, цуьнан
лорана тIера я аьтту, я аьрру агIор а ца волуш.
20 Абунара, юха а хьаьжна, цуьнга элира: «Хьо вуй
иза, IасахIал?»
Вукхо жоп делира: «Со ву».

21 ТӀаккха Абунара ӀасахӀале элира: «Аьтту я аьрру
агӀор а таӀий, хьайна цхьа жима стаг схьа а харжий,
иза вен а вей, цуьнан герз схьаэца». Амма
ӀасахӀална ца лиира цунна тӀаьхьара дӀавала.
22 Абунара юха а цуьнга элира: «ДӀавала суна
тӀаьхьара, ма вейта соьга хьо. Со муха гӀур ву хьан
вешина Йоабана дуьхьал?» 23 Амма важа цунна
тӀаьхьара ца волура. ТӀаккха Абунара, юха а
вирзина, цунна хьажийна, шен *гоьмукъ* Ӏоьттира,
иза, цуьнан гайх чекх а баьлла, букъах арабелира.
ӀасахӀал цигахь, охьа а воьжна, велира. Иза
веллачу меттигна уллохула тӀехволуш мел верг
цигахь соцура.
24 ӀасахӀалан ши ваша Йоаббий, Абушай Абунарна
тӀаьхьавелира. Малх чубузуш бара, и шиъ Гихьана
дуьххьал болчу, ГавӀонерачу яьссачу аренга
боьдучу новкъахула Ӏуьллуш болчу, Аьми олучу гу
тӀе кхаьчча. 25 Бен-яманхой, Абунарна гонах а
бевлла, шайх цхьа тоба а йина, вукху гунан буьххье
дӀахӀиттира. 26 Абунара Йоабе мохь туьйхира:
«Массо а хенахь летар дуй те вай вовшех? Хьуна ца
хаьа, хӀокху хӀуманан тӀаьхье балане хир юйла?
Маца эр ду ахь хьайца болчаьрга, шайн вежаршна
тӀаьхьадовлий ма лела?»
27 Йоаба элира: «Дийна волчу Делах чӀагӀо йо ас:
ахьа иштта ца аьллехьара, сан эскархой кханалера
Ӏуьйре тӀекхаччалц шайн вежаршна тӀаьхьабевлла
лелар ма бара». 28 Эццахь Йоаба коьман маӀа
лекхира. Адам исраилхошна тӀаьхьадаьлла
лелачуьра сецира. ТӀом дӀабелира.
29 Абунар а, цуьнца болу нах а буьйсанна Йордан-
хин тогӀехула дӀаихира. Уьш, Йордан-хил дехьа а
бевлла, шолгӀачу дийнахь а новкъахь бара.
ТӀаьххьара а уьш Махьанайме схьакхечира.
30 Йоаб Абунарна тӀаьхьаваьлла лелачуьра
юхавирзира. Цо адам схьагулдира. Царна юкъахь,
ӀасахӀал воцург, Даудан эскархойх ткъайоьсна стаг
тӀеоьшуш вара. 31 Даудан эскархоша Абунаран нах
а, бен-яманхой а эшийра. Церан вийна верг кхо бӀе
кхузткъа стаг вара. 32 Дакъа схьа а эцна, ӀасахӀал
Байтлахам-гӀалахь шен ден коша чохь дӀавоьллира
цара. Йоаб шеца болчаьрца буьйса дӀаяллалц
новкъахь вара. Сахуьллучу хенахь уьш Хьевроне
кхечира.

3 Даудан цӀенний, Шаулан цӀенний юкъахь
еххачу хенахь тӀемаш лаьттира. Даудан ницкъ
чӀагӀлуш бара, ткъа Шаулан цӀа эшна догӀура.

### Хьевронехь Даудана ялх кӀант во

2 Хьевронехь Даудана кӀентий бинера. Цуьнан
дуьххьарлера кӀант Амнан израӀалхо йолчу
АхьнуӀмата вина вара. 3 ШолгӀа кӀант Калиаб
Набалехь марехь хиллачу кармалхо йолчу АбигӀала
вина вара. КхоалгӀа кӀант Абушалам Гешурахь
паччахь волчу Талмайн йоӀа МаӀхас вина вара.
4 ВоьалгӀа кӀант Адан-ЯхӀу Хьагата вина вара,
пхоьалгӀа кӀант Шапат-ЯхӀу Абиталис вина вара.
5 ЙолхалгӀачу кӀентан ИтраӀаман нана ӀагӀлат яра,
иза, вуьш санна, Даудан зуда яра. Даудан и ялх
кӀант Хьевронехь вина вара.

### Абунар Даудах дӀакхета

6 Шаулна а, Даудана а тӀаьхьахӀиттина болчарна
юкъахь тӀом лаьттачу хенахь, Шаулна
тӀаьхьахӀоьттинчарна юкъара волу Абунар
чӀагӀвелира шен даржехь.
7 Шаулан, Рицпат цӀе а йолуш, цхьа *гӀарбаш-зуда*
хилла. Иза АяхӀун йоӀ яра. Иш-Бошата Абунаре
элира: «Хьо сан ден гӀарбаш-зудчуьнца † хӀунда
Ӏийра?» 8 Абунар цо аьллачунна чӀогӀа
оьгӀазвахара. Цо Иш-Бошате элира: «Хьуна со
жӀаьла ду-м ца моьтту? ЯхӀудана дуьхьал а ваьлла,
аса хьан ден Шаулан цӀенна а, хьан вежаршна а,
цуьнан доттагӀашна а гӀуллакх дина, хьо Даудан
кара дӀа а ца велла. Ткъа тахана, и зуда бахьана
долуш, со бехкевеш ву-кх хьо?! 9 Дала, Шен лааме
хьаьжжина, луьра таӀзар дойла суна, Везачу Эло,
чӀагӀо а еш, Дауде аьлларг аса цунна ца дахь.
10 ††Шаулан цӀийнера паччахьалла схьа а
даькkхина, берриге а Исраилан а, ЯхӀудан а
мехкашна тӀехь, Дан-гӀалара дуьйна Беар-ШабаӀе
кхаччалц, паччахьалла Дауде дӀа а лур ду». 11 Иш-
Бошата Абунаре хӀумма а ца элира, ша цунах
озалуш волу дела.
12 Абунара шегара Дауд волчу геланчаш
бахийтира хабар эцна: «ХӀара латта хьенан ду?
Соьца берта вола, аса дерриг а Исраилан халкъ
хьайна тӀедерзо гӀо дийр ду хьуна».
13 Дауда элира: «Дика ду. Со хьоьца берта вогӀур
ву. Амма сан хьоьга цхьа дехар хир ду. Аса хьуна
сайн юьхь гойтур яц, нагахь санна ахьа со волчу
вогӀуш хьайца Шаулан йоӀ Михула ца ялаяхь».
14 ‡Дауда Шаулан кӀант Иш-Бошат волчу хабар
эцна геланчаш бахийтира: «Схьало сан зуда
Михула, аса, бӀе пӀелаштамхо сунт а вина, эцна
йолу». 15 Иш-Бошата нах бахийтира иза Лайшин
кӀантера Палтиалера схьаяккха. 16 Михулица
цуьнан майра а веара. Велха а воьлхуш, цо иза
Бахьруме кхаччалц дӀайигира. Амма Абунара
Палтиале элира: «Хьайн цӀа юхаверза». Иза цигара
юхавирзира.
17 Абунара, Исраилан къаношка вистхуьлуш,
элира: «Селхана а, цул хьалха а шуна лууш дара,
Дауд шайна тӀехь паччахь хуьлийла. 18 ХӀинца
кхочушде иза! ХӀунда аьлча Везачу Эло Дауде
аьлла: „Даудан карахула Аса Сайн Исраилан халкъ
пӀелаштамхойн а, церан массо мостагӀийн а куьйга
кӀелхьара схьадоккхур ду“». 19 Изза элира Абунара
бен-яманхошка а. Абунара, Хьевроне а вахана,
Дауде дӀахаийтира Исраилан а, дерриг а бен-
яманхойн цӀийнан лаам.
20 Абунар, шеца цхьаьна ткъа стаг а волуш,
Хьевроне веача, Дауда цунна а, цуьнца цхьаьна
болчарна а той хӀоттийра. 21 Абунара Дауде элира:

† *ГӀарбаш-зуда *– зудчун бакъо йолу гӀарбаш.** †† *3:10 Шамъал 15:28.* ‡ *3:14 Шамъал 18:27.*

«Со хIинца, хьала а гIаьттина, сайн паччахь волчу
дерриг а Исраилан халкъ схьагулдан воллу. Цара
хьоьца барт бинчул тIаьхьа, ахьа, хьайна ма-луъу,
массарна а тIехь паччахьалла латтор ду». Дауда
Абунар маьрша дIавахийтира.

### Абунар вер

22 Даудан эскархой Йоабаца цхьаьна генарчу
новкъара цIа баьхкира. Цара шайца йоккха хIонс
еанера, амма Абунар цу хенахь Даудаца
Хьевронехь вацара, хIунда аьлча иза Дауда
маьрша новкъа ваьккхинера. 23 Йоаб шеца хиллачу
эскарца юхавирзича, цуьнга дIадийцира, Дауд
волчу Неран кIант Абунар веана хилар а, паччахьо
иза маьрша дIавахийтина хилар а. 24 Йоаб, паччахь
волчу а веана, цуьнга вистхилира: «ХIун ду ахьа
динарг? Хьо волчу веана волу Абунар дIа хIунда
вахийтира ахьа? Ткъа хIинца иза дIа ма ваха!
25 Хьуна вевзаш ма ву Неран кIант Абунар. Иза хьо
леван веана, хьан чувогIу а, араволу а некъаш
довзархьама а, ахьа хIун лелaдо хаархьама а».
26 Дауд волчуьра ара а ваьлла, Йоаба Абунарна
тIаьхьа геланчаш бахийтира. Цара иза Сирин
гIунна тIера дуьйна юхаверзийра, Дауде хIумма а
ца олуш. 27 Абунар Хьевроне юхавирзича, Йоаба,
цуьнца къамел дан воллуш санна, дехьа а
ваьккхина, цуьнан гайх хIума Iоьттира. Иштта
велира Абунар, Йоабан вешин IасахIалан цIий
бахьана долуш.
28 ТIаьхьо шена цунах лаьцна хиъча, Дауда элира:
«Со а, сан паччахьалла а Везачу Элана хьалха цкъа
а бехке дацара Неран кIант Абунар валарна.
29 Йоабан а, цуьнан доьзалан а коьрта тIе дужийла
и цIий. Цуьнан цIентIахь гуттара а хуьлийла дегIа
тIехь ца йоьрзуш йолу *чкъуран цамгар* ерг а,
Iасанца бен ког ца баккхалуш верг а, туьро чевнаш
йина воьжнарг а, мацалла ловш верг а». 30 Йоаба а,
цуьнан вашас Абушайс а Абунар вийна, цо
ГавIонахь хиллачу тIамехь шайн ваша IасахIал
вийна дела.
31 Дауда Йоабе а, цуьнца хиллачаьрга а элира:
«Шайна тIера бедарш этIа а яй, шаьш гIайгIане
дуйла хоуьйтуш йолу бедарш юха, Абунарна
делха». Абунаран дакъа кешнашка дIахьочу хенахь
Дауд-паччахь барамна тIаьхьахIоьттина воьдуш
вара. 32 Иза Хьевронехь дIавоьллича, цуьнан коша
тIехь паччахь чIогIа вилхира. Дилхира дерриге а
халкъ. 33 Абунар дагавоуьйтуш, паччахьо хIара
гIайгIане назма элира:
«Сонтачу стеган санна, валар хила дезарий техьа
Абунаран?
34 Хьан куьйгаш дIадихкина дацара,
хьан когаш буржалш тоьхна бацара.
Талорхойн карах велларг санна, хьо а велла».
Массо а халкъ цунна тIехь доьлхуш дара.
35 Цу дийнахь дукха нах тIебаьхкира Даудана,
цуьнга яа хIума яа бохуш. Амма Дауда, дуй а бууш,
чIагIо йинера: «Дала, Шен лааме хьаьжжина, луьра
таIзар дойла суна, аса малх чубуззалц баьпках я
кхин йолчу юучу хIуманах мотт тохахь», – аьлла.
36 Дерриг а халкъана иза хиира. Царна иза чIогIа
тайнера, паччахьо деш долу массо а хIума санна.
37 Цу дийнахь дерриг а Исраилан халкъана хиира,
Неран кIант Абунар вуьйш паччахьо дакъа ца
лаьцнийла. 38 Дауда шен ялхошка элира: «Шуна
хаьий, тахана Исраилан пачхьалкхехь воккха
баьчча веллийла? 39 Со хIинца а сайн даржехь
чIагIвелла дIахIоьттина вац, паччахьалла дIакхехьа
къобалвина велахь а. Тахана Царуятан кIентий сол
сов ницкъ болуш бу. Цундела Везачу Эло, церан
зуламашка хьаьжжина, воних дойла царах
хIоранна а».

### Иш-Бошат вер

4 Шаулан кIант Иш-Бошат, шена Хьевронехь
Абунар веллийла дIахиъча, чIогIа воьхна
хьаьвзира. Иштта доьхна дара массо а халкъ а.
2 Шаулан кIентан эскаран шиъ куьйгалхо хилла –
БаIний, Рахбий. И шиъ бен-яманхойн цIийнах
волчу баировтхочун Римунан ши кIант вара. (Ткъа
Баировт Бен-Яманна чуйогIуш хилла. 3 Баировтхой
бевдда ГIитайме дIабахана. Уьш хIинца а цигахь
тIебаьхкина нах санна Iаш бу.)
4 †Шаулан кIентан ЯхIунатин астагIа а волуш кIант
хилла. Иза пхи шо долуш хилла, ИзраIалара
Шаулаххий, ЯхIунатаххий лаьцна ирча кхаъ беанчу
хенахь. Церан бераш лелош йолу зуда, катоьхна
кIант схьа а эцна, иза кIелхьарваккхархьама едда
йоьдуш хилла. Иза едда йоьдучу хенахь, кIант
цуьнан карара охьавоьжна. ХIетахь дуьйна схьа
иза астагIваьлла лелаш хилла. Цу кIентан цIе
Мапи-Бошат яра.
5 Баировтхо волчу Римунан ши кIант Рахбий,
БаIний Иш-Бошатан цIа вахана. Уьш де доxделлачу
хенахь цига дIакхечира. Иш-Бошат цу хенахь,
садоIуш, шен меттахь вижина Iуьллуш вара. 6 Ткъа
кевнера кIа цIандеш йолчу ялхочунна наб
кхеттера. Рахбий, БаIний Иш-Бошатан цIа чу
велира ††. Цуьнан гайх тур а Iоьттина, уьш бевдда
дIабахара. 7 И шиъ Иш-Бошатан дIавуьжучу цIа чу
ваьлча, иза шен меттахь наб еш вара. Шаьш иза
вийначул тIаьхьа, цара цуьнан корта, тIера а
баьккхина, шайца дIабаьхьира. Буьйса дIаяллалц,
Йордан-хин тогIехула дIаихира и шиъ. 8 Иш-
Бошатан корта Хьевронехь Iаш волу Дауд волчу
схьабеара цара. Паччахье вежарша элира: «ХIара,
хьо вен гIерташ, хьуна тIаьхьаваьлла леллачу хьан
мостагIчун Шаулан кIентан Иш-Бошатан корта бу.
ХIинца Везачу Эло бекхам бина Шаулна а, цуьнан
тIаьхьенна а сан паччахь волу олахо бахьана
долуш».

---

† *4:4 Дауд 9:3.* †† *Цхьана ширачу гочдар тIехь: *Ткъа кевнера кIа цIандеш йолчу ялхочунна наб кхеттера. Рахбий, БаIний Иш-Бошатан цIа чу велира. *Iебархойн тептар тIехь дIаяздина ду: *Рахбий, БаIний, шаьшшиъ кIа оьшуш веача санна, цуьнан цIа чу велира.**

9 Дауда баировтхо волчу Римунан кӀенташка
элира: «Массо а халонех со кӀелхьарваьккхинчу,
дийна волчу Везачу Элах чӀагӀо йо ас. 10 †Цхьана
стага соьга, ша беанарг *хаза кхаъ* бу моьттуш,
элира: „Шаул велла дӀаваьлла“. Амма, цунна совгӀат
дан дезачохь, аса иза ЦакхелагӀахь, схьа а лаьцна,
вийра. 11 Ткъа хӀинца пайда боцучу наха шен
меттахь вижина Ӏуьллуш волу цхьа а бехк боцу стаг
вийча, аса шуна бекхам бан ца беза, шу дайа а
дайина?» 12 Дауда шен эскархошка омра дира, уьш
байа аьлла. Цара уьш байира, церан куьйгаш а,
когаш а схьа а даьхна, догӀмаш Хьевронехь Ӏома
йистехь хьалаоьхкира. Ткъа Иш-Бошатан корта,
схьа а эцна, Хьевронехь Абунаран коша чохь
дӀабоьллира.

### Исраилхоша Дауд шайн паччахь вина дӀахӀоттаво
(1 Шерашкахь 11:1-9; 14:1-7)

5 Исраилан халкъан массо а тайпанашкара
болчу наха, Дауд волчу Хьевроне а баьхкина,
цуьнга элира: «Тхо хьан са а, цӀий а ду. 2 Шаул тхуна
тӀехь паччахьалла деш волчу хенахь а, ахьа
Исраилан халкъ тӀам тӀе а дигна, цигара юха а
далийна. Везачу Эло хьоьга элира: „Хьо Сан
Исраилан халкъана тӀехь жаӀу хир ву, цуьнан
баьчча а хир ву“». 3 Исраилан халкъах болу берриг
а къаной Дауд волчу Хьевроне баьхкира. Цо
цаьрца Хьевронехь Везачу Элана хьалхахь барт
бира. Дауд Исраилан халкъан паччахь ван,
зайтдаьтта а дуттуш, къобалвира цара. 4 ††Паччахь
хилла Дауд дӀахӀоьттича, цуьнан ткъе итт шо дара.
Дауда шовзткъа шарахь паччахьалла дира.
5 Хьевронехь ша волуш, цо ЯхӀудан халкъана тӀехь
ворхӀ шараххьий, ялх баттаххьий шен паччахьалла
латтийна, ткъа Ярушалаймехь иза дерриг а
Исраилан халкъана а, ЯхӀудан халкъана а тӀехь
ткъе кхойтта шарахь паччахь хилла лаьттира.

### Дауда Ярушалайм-гӀала схьайоккху

6 ‡Паччахь а, цуьнца болу нах а Ярушалайме
бахара, цигахь бехаш болчу явсайхошна тӀелата.
Ткъа цара Дауде элира: «Хьо кхуза чувогӀур вац: ур-
атталла бӀаьрзечарий, астагӀчарий дӀалоллур ву
хьо». Иза «Дауд кхуза чувалур вац» бохург дара.
7 Делахь а, уьш эша а бина, Дауда Цийон олуш йолу
гӀап схьаяьккхина. ТӀаьхьо цу гӀопана, «Даудан
гӀала» аьлла, цӀе тиллира.
8 Цу дийнахь Дауда элира: «Явсайхой эшо лууш
мел верг лаьтта кӀелахь йолчу биргӀанехула ваха
веза, „бӀаьрзе а, астагӀа а“ болу сан мостагӀий болчу
царна тӀекхачархьама». Цундела олуш ду: «АстагӀа
верггий, бӀаьрзениггий цӀа чу вогӀур вац».
9 Дауд цу гӀопа чохь ваха хиира, цуьнан цӀе,
«Даудан гӀала» аьлла, тиллира. Цо гӀалина гонах
долчу лаьтта тӀехь гӀишлош дӀахӀиттийра. Цо
Милло олучу гу тӀера дуьйна дӀахӀиттийнера уьш.
10 Даудан паччахьалла чӀагӀлуш дӀадоьдуш дара,
массо ницкъийн Веза Дела а цуьнца вара.
11 Цора-гӀалара паччахьо Хьирама Дауд волчу
геланчаш бахкийтира. Цара баганан дечиган
дитташ а деара, шайца тӀулган а, дечиган а
пхьераш а балийра. Цара Даудана цӀенош дира.
12 ТӀаккха хиира Даудана Везачу Эло ша
исраилхойн паччахьан даржехь чӀагӀвинийла а, Цо
хаьржина долчу Исраилан халкъан дуьхьа шен
паччахьалла айинийла а.
13 Хьевронера Ярушалайме а веана, Дауда шена
кхин а зударий а, *гӀарбаш-зударий* а бигира. Кхин а
кӀентий а, йоӀарий а хилира Даудан.
14 Ярушалаймехь цунна дина долчу берийн цӀераш
иштта яра: ШамуӀ, Шубаб, Ната, Сулим, 15 Ибхьар,
Эли-ШуӀа, Непаг, ЯпияӀ, 16 Эли-ШамаӀ, ЭлидаӀ, Эли-
Пулат.

### Дауда пӀелаштамхошна дуьхьал тӀом бо
(1 Шерашкахь 14:8-17)

17 ПӀелаштамхошна Дауд Исраилан паччахь
къобалвинийла дӀахиъча, уьш массо а иза лаха
арабевлира. Амма Дауд, шена и хезча, шен
чӀагӀйина йолчу меттиге дӀавахара. 18 Ткъа
пӀелаштамхой, схьа а баьхкина, Репайм олучу тогӀи
чохь охьахевшира. 19 Дауда Везачу Эле хаьттира:
«Со пӀелаштамхошна дуьхьал вала мегий? Ахьа
уьш сан кара схьалур буй те?»
Везачу Эло жоп делира: «Мега. Аса пӀелаштамхой
хьан кара дӀалур бу».
20 Дауда, БаӀал-Паруциме а вахана, пӀелаштамхой
эшийра. Дауда элира: «Дистина тӀедогӀучу хино
санна, Везачу Эло дӀабехира сан мостагӀий суна
хьалхара». Цундела цу меттиган цӀе, БаӀал-Паруцим
аьлла, тиллина (иза «хи тӀедаларан олахо» бохург
ду). 21 ПӀелаштамхоша цигахь шайн цӀуш битира,
ткъа Дауда а, цуьнца болчара а уьш схьаийцира.
22 Юха а пӀелаштамхой, баьхкина, Репайм олучу
тогӀи чохь охьахевшира. 23 Дауда кхин цкъа а
Везачу Эле хаттар дира, Цо цунна жоп делира:
«Царна дуьхьал ара ма вала. ТӀехьахула тӀе а гӀой,
комарийн дитташ долчу агӀор царна тӀелата.
24 Хьайна, комарийн диттийн баххьашкахула цхьаъ
дӀавоьдуш санна, гӀовгӀа хазахь, сихха царна тӀе
гӀо. Цунах хьуна хуур ду, Веза Эла, хьуна хьалха а
ваьлла, пӀелаштамхойн эскар хӀаллакдан
воьдийла». 25 Дауда Везачу Эло шена тӀедиллинарг
кхочушдира. Цо пӀелаштамхойн эскар ГавӀон-
гӀалара дуьйна ГӀазар-гӀалина тӀекхаччалц эшийра.

### Делан деза тӀорказ Ярушалайме схьадохьу
(1 Шерашкахь 13:1-14; 15:25–16:6, 43)

6 Дауда юха а уггар тоьлушха болу Исраилан
тӀемалой шена тӀекхайкхира. Цунна ткъе итт
эзар стаг схьагулвелира. 2 ††Дауд а, цуьнца долу
массо адам а ЯхӀуд-махкарчу БаӀала-гӀала дахара,
цигара Делан деза тӀорказ схьадан. Цу тӀорказца

† *4:10 Дауд 1:1-16.* †† *5:4, 5 Сулим 2:11; 1 Шерашкахь 3:4; 29:27.* ‡ *5:6 Куьйгалхой 1:21.*

‡† *6:2 Арадаккхар 25:22.*

йоьзна цхьа леррина цIе ю: массо а ницкъийн
Везачу Элан цIе. ТIорказан негIар тIехь дина
дIахIоттийна дашо ши каруб- *малик* ду. Царна
тIехула ю Везачу Элан меттиг. 3 †Деза тIорказ, гун
тIехь латтачу Абинадабан цIа чуьра схьа а эцна,
керлачу гIудалкхана тIе охьа а хIоттийна,
схьадеара. Ткъа Абинадабан кIентий Iузий, Ахьъюй
и гIудалкх лелош вара. 4 Абинадабан цIа чуьра
арадаьккхина долу Делан деза тIорказ гIудалкхана
тIедиллира. Цу гIудалкхана хьалхаваьлла Ахьъю
вара. 5 Дауд а, исраилхой а Везачу Элана хьалха,
зоьзан дечигах динчу тайп-тайпанчу пондаршца а,
иштта дечиг-пондаршца а, жиргIанашца а,
горгалешца а, негIарш вовшахдеттарца а,
хелхабуьйлуш бара. 6 Нахонан хьаьтта кхаьчча,
Iузас, куьг дIа а кховдийна, Делан тIорказ
схьалецира, стерчаша иза агIордаьккхина дела.
7 Амма Веза Эла чIогIа оьгIазвахара Iузина. Цо иза
циггахь, цу тайпана, оза а ца луш, тIорказна тIе
куьг даьхьна аьлла, вийра. Иза Делан тIорказна
уллохь велира. 8 ТIаккха Дауд чIогIа оьгIазвахара,
Везачу Эло Iузина тохар бахьана долуш. И меттиг
хIинца а «Парас Iуза» олуш ю (иза «Iузина таIзар
дар» бохург ду).
9 Цу дийнахь Дауд чIогIа кхеравелира Везачу
Элах. Цо элира: «Везачу Элан деза тIорказ со волчу
муха дахьар ду?» 10 Даудана ца лиира Везачу Элан
тIорказ ша волчу, Даудан гIала, дIадахьийта.
Цундела цо иза гатихо волчу Iабади-Эдоман цIа
дIадаьхьира. 11 ††Деза тIорказ гатихо волчу Iабади-
Эдоман цIахь кхаа баттахь латтира. Везачу Эло
Iабади-Эдом а, цуьнан дерриг цIа а декъалдира.
12 Цхьа хан яьлча, наха Дауде элира: «Везачу Эло
Iабади-Эдом а, цуьнан цIа а декъалдина, Делан
деза тIорказ иза волчохь латтина дела». ТIаккха
Дауда воккхаверца Делан деза тIорказ Iабади-
Эдоман цIера Даудан гIала схьадаийтира. 13 Везачу
Элан деза тIорказ дахьаш богIуш болчара хьалхара
ялх гIулч яьккхича, эса а, сту а сагIина дейтира
Дауда. 14 Дауд, шен берриг а ницкъаца воккха а
веш, Везачу Элана хьалха хелхавуьйлура, цунна
тIеюьйхина гатанан оба бен, хIумма а яцара.
15 Дауда а, дерриг а Исраилан халкъо а Везачу Элан
деза тIорказ, хазахетарца маьхьарий а детташ,
коьман маIаш а локхуш, схьадахьаш дара.
16 Везачу Элан тIорказ Даудан гIалина чоьхьа
доккхучу хенахь, Шаулан йоI Михула корах
арахьоьжуш яра. Шена, Везачу Элана хьалха ирх а
лелхаш, воккхаверца хелхавуьйлуш волу Дауд-
паччахь гича, шен даг чохь иза цунах ца ешира.
17 Везачу Элан тIорказ, схьа а деана, Дауда
хIоттийначу *Делан четар* чохь охьадиллира. Везачу
Элана хьалха Дауда дийнаташ дагоран а, бертан а
сагIанаш дехира. 18 Ша дийнаташ дагоран а, бертан
а сагIанаш даьхна ваьллачул тIаьхьа, Дауда массо а
ницкъийн Везачу Элан цIарах халкъ декъалдира.
19 ‡Массо а исраилхочунна, божаршна санна
зударшна а, цо цхьацца бепиг а, Iаьвдинчу
хурманийн цхьацца курс а, Iаьвдинчу кишмийн
цхьацца курс а кховдийра. Адам шен-шен цIа
дахара.
20 Шен цIа декъалдан дагахь Дауд шен чу веача,
Шаулан йоIа Михулас, кхунна дуьхьал а яьлла,
элира: «Ма билгалвели тахана Исраилан паччахь,
шен ялхойн гIарбашашна хьалхахь верзина а
ваьлла, пайда боцуш волу стаг верзина ма-
валлара!»
21 Дауда Михуле элира: «Со халхаваьлла Везачу
Элана хьалха, хьан ден метта а, цуьнан цIийнах
мел волчун метта а со хаьржина, дерриг а
Исраилан халкъан паччахь вина дIахIоттийна
волчу. Цунна хьалха со кхин а халхавер ву. 22 Сайн
бIаьргашкахь со кхин а кIезиг хилла дIахIуттийла,
амма ахьа буьйцуш болчу гIарбашашна юкъахь
сан сий хир ду хьуна».
23 Шаулан йоIан Михулин ша елла дIаяллалц
бераш ца хилла.

### Даудана Делера бина хаам
(1 Шерашкахь 17:1-15)

7 Паччахь шен цIахь Iаш вара. Везачу Эло иза
шена гонах болчу мостагIех мукъа витинера.
2 ТIаккха паччахьо Ната-пайхамаре элира: «Хьажал,
со баганан дечигах дина долчу цIенна чохь Iаш ву,
ткъа Делан тIорказ четар бухахь латташ ду».
3 Натас паччахье элира: «Хьайна дан дагадеанарг,
ваха а гIой, де, Веза Эла хьоьца ву». 4 Амма цу
буссехь Натига Везачу Элан дош кхечира: 5 «Ваха а
гIой, Сан лай волчу Дауде дIаала, Везачу Эло иштта
боху алий: „Хьо вуй те Суна чохь Iан цIа ден верг?
6 Исраилхой Мисар-махкара Аса арабаьхначу
хенахь дуьйна схьа, таханлера де тIекхаччалц, Со
цIа чохь Iийна вац. Ерриг а цу хенахь Со четар чохь
Iийра, цхьана меттера вукху метте а вуьйлуш.
7 Исраилан халкъаца Со миччахьахула а лелачу
хенахь халкъан тайпанашкара цхьаьнгге а, Сайн
Исраилан къомана тIехь Iуналла дан Айса
къобалвинчуьнга хаьттиний ткъа Аса: 'Аша Суна
баганан дечигах цIа хIунда ца до?'"
8 Ткъа хIинца, ваха а гIой, Сан лай волчу Дауде
дIаала: „Массо а ницкъийн Везачу Эло хьоьга боху:
'Аса хьо, уьстагIий дажош волчуьра схьа а валийна,
Сайн Исраилан халкъана тIехь баьчча хIоттийна.
9 Хьо мичча вахча а, Со массо а хенахь хьоьца
хилла. Массо а хьан мостагIий Аса хIаллакбина. Аса
дуьнен тIехь сийлахь болчарна юкъахь а
къаьсттина хьан сий хьаладоккхур ду. 10 Аса Сайн
Исраилан халкъана меттиг билгалйоккхур ю, иза
цигахь паргIат охьахаийта а, цуьнга кхин са ца
гатдайта а. Зуламечу наха уьш кхин хьийзор бац,
юьхьанца, 11 мехкан куьйгалхой Сан къомана тIехь
Аса къобалбинчу хенахь дуьйна иза ма-хиллара.
Аса хьан мостагIех хьо кIелхьарвоккхур ву. Аса
хаам бо хьоьга, Веза Эла волчу Айса хьуна хьан

† 6:3 Шамъал 7:1, 2. †† 6:11 1 Шерашкахь 26:4, 5.

‡ 6:19, 20 1 Шерашкахь 16:43.

тӀаьхьенах цӀа дийр ду аьлла. [12] †Хьан денош чекх а
девлла, хьо хьан дай болчу дӀаккхелхинчул тӀаьхьа,
Аса хьан тӀаьхьенах цхьаъ паччахь вина дӀахӀоттор
ву, цуьнан паччахьалла чӀагӀ а дийр ду. [13] Цо Суна
лерина цӀа дийр ду, ткъа Аса иза даим шен
паччахьан даржехь чӀагӀвийр ву. [14] ††Со цуьнан да
хир ву, иза Сан кӀант хир ву. Нагахь санна цо къа
латадахь, Аса цунна таӀзар дийр ду. Нехан шедаца
а, адамаша еттарца а таӀзар дийр ду Ас цунна.
[15] Амма Аса иза Сайн безамах воккхур вац, хьан
бӀаьргашна хьалхара ваьккхина волу Шаул Аса
Сайн безамах ваьккхинехь а. [16] ‡Хьан цӀа а,
паччахьалла а Суна хьалха даим хир ду, хьан
паччахьан гӀант ерриге а хенахь лаьттар ду!"»
[17] Дерриг и дешнаш а, шена хӀоьттина сурт а Натас
ма-дарра дӀадийцира Дауде.

### Дауда Деле доӀа до

(1 Шерашкахь 17:16-27)

[18] ТӀаккха Дауд-паччахьо, ваха а вахана, Везачу
Элана хьалхахь дӀа а хӀоьттина, элира: «Со а мила
вара, ва сан Хьалдолу Эла, сан цӀа а хӀун яра, Ахьа
цу тайпана со даржехь лакхаваккхал? [19] Хьуна-м иза
а кӀезиг хетта, сан Хьалдолу Эла! Ахьа Хьайн лай
волчун цӀийнах хиндерг а схьадийци. Адамашна
лерина иштта Ӏедал Хьан ду техьа, сан Хьалдолу
Эла? [20] ХӀун эр ду Хьоьга Дауда? Хьуна Хьайн лай ма
вевза, сан Хьалдолу Эла. [21] Айхьа аьллачун дуьхьа
а, Хьайн деган лаамца а и даккхий хӀуманаш дина
Ахьа, и шадерг Хьайн лайна дӀа а довзуьйтуш.
[22] Хьо воккха ву, сан Хьалдолу Эла. Хьоьца нисван
цхьа а стаг а вац, Хьо воцург Дела а вац, тхайн
лергашна тхуна схьа-ма-хаззара. [23] ‡†Мичахь ду
Хьан санна долу къам? Мичахь ду Исраилан санна
долу халкъ? Шен дуьхьа Дела араваьлла къам
дуьнен чохь цхьаъ бен дац. Дела аравелира, Шена
и къам мехах схьаэцархьама а, Шен цӀе айархьама
а, уьш бахьана долуш даккхий а, инзаре а
гӀуллакхаш дархьама а. Айхьа Мисар-махкара
мехах паргӀатдаьккхина долчу Хьайн къомана
хьалхара важа къаьмнаш а, церан деланаш а
дӀалохкура Ахь. [24] Ахьа Исраилан къам, Хьайн къам
а дина, массо а ханна хаьржина, ткъа Хьо, Веза
Эла, цуьнан Дела хилла дӀахӀоьттина.
[25] Ткъа хӀинца, Веза Дела, Айхьа Хьайн лай волчу
сох а, сан цӀийнах а лаьцна аьлла долу дош массо а
тӀейогӀун йолчу ханна чӀагӀдехьа. Айхьа аьлларг
кхочуш а дехьа, [26] массо а тӀейогӀун йолчу ханна
Хьан цӀе язъяйтархьама. ТӀаккха наха эр ду: „Массо
а ницкъийн Веза Эла – Иза Исраилан халкъан Дела
ву!" Иштта Хьан лай волчу Даудан цӀа Хьуна хьалха
чӀагӀделла лаьттар ду! [27] Ткъа Ахьа, массо а
ницкъийн Веза Эла, Исраилан халкъан Дела, Хьайн
лай волчуьнга элира: „Аса хьуна цӀа дийр ду".
Цундела Хьан лай волу со Хьоьга хӀара доӀа дан
Хьох хӀоьттира.
[28] Сан Хьалдолу Эла! Хьо – Дела ву! Ахьа мел олуш
дерг тешаме ду, ткъа хӀинца Хьайн лай волчунна
иштта дика дан *ваӀда* дина Ахь! [29] Хьан лай волчун
тӀаьхье декъалъехьа, иза массо а ханна а Хьайна
хьалха хилийтархьама. Иза Ахьа соьга аьлларг ма
ду, сан Хьалдолу Эла! Ахьа декъалдар бахьана
долуш, Хьан лай волчун цӀа массо а хенахь декъал
хир ду».

### Даудан тӀеман толамаш

(1 Шерашкахь 18:1-17)

8 Цул тӀаьхьа Дауда пӀелаштамхошна тӀехь
толам баьккхира. Иштта, цо пӀелаштамхойн
карара цу лаьтта тӀехь хилла олалла
схьадаьккхира.
[2] Дауда иштта муабахой а эшийра. Уьш лаьтта тӀе
охьа а бахкийтина, цхьана муьшаца церан барам
билгалбаккхийтира цо. Шина муьшан барамехь
берш байина дӀабехира, ткъа кхозлагӀчу муьшан
барамехь берш дийна битира. Иштта, муабахой
Даудан лай хилла дӀахӀиттира, кхунна ял а луш.
[3] Рахьубан кӀант ХӀадад-Ӏезар Цобехь паччахь
хилла. Иза, Эпрат-хина йистехула Ӏохкуш долчу
латтанаш тӀехь шен паччахьалла дӀахӀотто воьдучу
хенахь, Дауда эшийра. [4] Цо цуьнгара цхьа эзар
ворхӀ бӀе бере а, ткъа эзар тӀемало а
схьаваьккхира. Шен гӀудалкхашна хьалха дӀайожа
бӀе говр бен ца юьтуш, массо а говрийн когийн
пхенаш хедийра цо.
[5] Цоба-мехкан паччахь волчу ХӀадад-Ӏезарна
гӀоьнна Дамасакхера арамхой баьхкира, амма
Дауда ткъе шиъ эзар арамхо хӀаллаквира. [6] Дауда
арамхой Ӏаш болчу Дамасакххехь шен эскаран
цхьайолу тобанаш дӀахӀиттийра. Иштта, арамхой а
Даудан лай хилла дӀахӀиттира, цунна ял а луш.
Везачу Эло Дауд иза араволучу массо а меттера
толамца цӀа воьрзуьйтура. [7] ХӀадад-Ӏезаран
баьччанех дисина долу дашо турсаш схьа а эцна,
Дауда Ярушалайме схьадеара. [8] ХӀадад-Ӏезаран
олаллехь хиллачу Тебахьара а, Бератай-гӀалара а
цо дукха ез схьадаьккхира.
[9] Хьамат-гӀалахь паччахь волчу ТоӀина хезира,
ХӀадад-Ӏезаран эскар Дауда эшийна аьлла.
[10] ТӀаккха ТоӀас шен кӀант Йорам вахийтира Даудан
сий дан а, цунна ХӀадад-Ӏезар эшаварна баркалла
ала а, ХӀадад-Ӏезар шеца кест-кеста тӀом беш
схьавеана дела. Ша Дауд волчу вогӀуш, Йорама
дашо а, дато а, цӀестан а пхьегӀаш еара. [11] Уьш а
Дауда Везачу Элана лерина дечу гӀуллакхна
йитира, ша эшийначу къаьмнашкара схьа мел
даьккхина долу хӀума санна, [12] эдомхошкара ‡‡ а,
муабахошкара а, Ӏамминхошкара а,
пӀелаштамхошкара а, Ӏамалекхахошкара а, иштта

† 7:12 Забур 88:4, 5; 131:11; Яхьъя 7:42; Векалийн 2:30. †† 7:14 Забур 88:27, 28; 2 Коринтхошка 6:18; Ӏебархошка 1:5. ‡ 7:16 Забур 88:37, 38. ‡† 7:23 Карлабаьккхинарг 4:34.

‡‡ *Грекийн гочдар тӀехь: *эдомхошкара. *Ӏебархойн тептар тӀехь: *арамхошкара.**

Цобин паччахь волчу Рахьубан кIантера ХIадад-
Iезарера ша схьадаькkхинарг санна.
13 †Дуьрачу тогIи чуьра, берхIитта эзар эдомхо †† а
эшийна, Дауд юхавирзича, цуьнан чIогIа сий деш
цIе яккха йолийра. 14 Дауда Эдомехь шен эскаран
тобанаш дIахIиттийра, ткъа массо а эдомхо цуьнан
лай хилла дIахIоьттира. Везачу Эло Дауд ша
араволучу массо а меттигера толамца цIа
воьрзуьйтура.
15 Дерриг а Исраилан халкъана тIехь паччахьалла
а деш, шен халкъаца бакъо а, нийсо а лелош вара
Дауд. 16 Царуятан кIант Йоаб цуьнан эскаран
хьаькам вара, ткъа Ахьлудан кIант ЯхIушапти
пачхьалкхан гIуллакхаш яздархо вара. 17 Ахьтубин
кIант ЦIадукъа а, Абу-ЯтIарин кIант Ахьи-Малик а
динан дай бара, ткъа Сари-ЯхIу йозанчин болх беш
вара. 18 ЯхIу-ЯдаIан кIант БенъяхIу кератхошний,
палетхошний ‡ тIехь хьаькам вара, ткъа Даудан
кIентий паччахьан хьехамчаш ‡† бара.

### Дауд Шаулан доьзалца къинхетаме хилар

9 ‡‡Дауда хаьттира: «Шаулан цIийнах цхьа а
дийна висний те? Аса цунна дика гIуллакх дийр
дара ЯхIунатин дуьхьа».
2 Шаулан цIа чохь цхьа ялхо хиллера, Цуба цIе а
йолуш. Иза Дауд волчу кхайкхина схьавалийра.
Дауда цуьнга хаьттира: «Хьо вуй Цуба?»
Цо жоп делира: «Ву, хьан лай волу со».
3 ‡‡†Паччахьо элира: «Шаулан цIийнах волу кхин
цхьа а вуй дийна висна? Аса цунна дика гIуллакх
дийр дара, Далла хьалха айса чIагIо ма-ярра».
Цубас паччахье элира: «ЯхIунатин кIант ву,
когашна астагIа а волуш».
4 Паччахьо хаьттира: «Мичахь ву иза?»
Цубас паччахьна жоп делира: «Ладебарахь,
Iамиалан кIант волчу Макиран цIа чохь ву».
5 Дауда, Ладебаре шен нах а бахийтина, Iамиалан
кIант Макир волчуьра иза схьавалавайтира.
6 Шаулан кIентан ЯхIунатин кIант волчу Мапи-
Бошата, Дауд волчу схьа а веана, цунна хьалха
лаьтта кхаччалц шен корта охьатаIийра. Дауда
цуьнга элира: «Мапи-Бошат!»
Вукхо элира: «Кхузахь ву хьан лай».
7 Дауда цуьнга элира: «Кхера ма лолахь. Хьан ден
ЯхIунатин дуьхьа аса дика гIуллакх дийр ду хьуна:
Хьан деден Шаулан тIаьхьенан массо а латтанаш
хьуна юхадерзор ду, ткъа хьо массо а хенахь сан
шуьн чуьра кхача баа йиш йолуш а хир ву».
8 Мапи-Бошата, корта а тухуш, элира: «Хьан лай
волу со, деллачу жIаьлел а оьшуш велахь а, ахьа
хьайна тIеуьйзи».
9 Шаулан ялхо хилла волу Цуба шена тIе а
кхайкхина, Дауда элира: «Шаулан а, цуьнан массо а
цIийнан а долахь хилла долу хIума аса хьан элан
кIентан кIантана дIало. 10 Ахьа а, хьан бераша а,
хьан ялхоша а цуьнан латта лело деза, цу лаьтта
тIера схьадаьлла долу напха иза волчу схьадан а
деза, цуьнан кертахь массо а хенахь яа а, мала а
хIума хилийта. Ткъа хьан элан кIентан кIант Мапи-
Бошат со волчохь яа хIума юуш хир ву». (Цубин
пхийтта кIант а, ткъа ялхо а вара.)
11 Цубас паччахье элира: «Хьан лай волчо шен
паччахьо мел аьлларг кхочушдийр ду».
Ткъа Мапи-Бошат Даудан цIахь яа хIума юуш
вара, ша цуьнан кIант волуш санна. 12 Мапи-
Бошатан жима кIант хилла, Мика цIе а йолуш.
Цубин цIахь Iаш мел верг Мапи-Бошатан лай
хилла. 13 Мапи-Бошат Ярушалаймехь Iаш хилла,
хIунда аьлча иза массо а хенахь паччахь волчохь
яа хIума юуш хилла. Иза шинна а когана астагIа
хилла.

### Дауда Iамминхой а, арамхой а эшор

(1 Шерашкахь 19:1-19)

10 Цхьа хан яьлча, Iамминхойн паччахь
велира. Цуьнан метта паччахь дIахIоьттира
цуьнан кIант Хьануни. 2 Дауда элира: «Нахьаш
соьца дика хилла дела, со а цуьнан кIантаца дика
хир ву». Цо шен ялхой бахийтира Хьанунига кадам
бан.
Даудан ялхой Iамминхойн махка бахара. 3 Амма
Iамминхойн элаша шайн олахочуьнга элира:
«Хьуна баккъалла-м ца моьтту, Дауда хьан дега шен
хилла болу ларам бахьана долуш бахкийтина хьуна
тIе догъоьцурш? Дауда шен ялхой бахкийтина,
хьан гIалахь дерг дикка талла а теллина, цул
тIаьхьа иза йохо дагахь».
4 Хьанунис, Даудан ялхой схьа а лаьцна,
хIораннан а ах маж дIаешира, цул тIаьхьа, царна
тIера бедарш вареш тIе кхаччалц дIа а хедийна,
уьш дIахийцира. 5 Иза шена дIахезча, Дауда шен
ялхошна дуьхьал нах бахийтира, уьш чIогIа
юьхьIаьржачу хIиттийна хилла дела. Паччахьо
цаьрга хабар дахьийтира: «Шайн мажош
яхъяллалц, Ерихонехь совца. Цул тIаьхьа цIа догIур
ду шу», – аьлла.
6 Даудана шаьш, лаьхьанна тоьхна гIаж санна,
боьха хетийла хиъча, Iамминхоша Байт-Рахьубера
а, Цобера а ткъа эзар гIашло волу арамхо лецира.
МаIхин паччахь волчуьра – цхьа эзар стаг, ткъа
ТIобера шийтта эзар стаг лецира. 7 Шена иза хиъча,
Дауда Йоаб вахийтира цига, цуьнца доьналла долу
берриг а тIемалой а болуш. 8 Iамминхой, гIалин
кертара ара а бевлла, тIамана кечбелла
дIахIиттира. Ткъа Цобера а, Байт-Рахьубера а
арамхой, иштта ТIобера а, МаIхера а нах шерачу
аренгахь юьстахбевлла лаьтташ бара.
9 МостагIчун эскарийн могIарш шена тIехьа а,
хьалха а дIахIиттина гича, Йоаба исраилхошна

† 8:13 Забур 59:1. †† Эдомхо *– иштта ду цхьадолчу
ширачу тептарш тIехь. Амма Iебархойн тептар тIехь: *арамхо.*
‡ Кератхой, палетхой *– кхечу мехкашкара болу, паччахь
ларвеш болу тIемалой.* ‡† «1 Шерашкахь» 18:17 а хьаьжна:
*паччахьан хьехамчаш. *Iебархойн тептар тIехь: *динан дай.*
‡‡ 9:1 Шамъал 20:15-17. ‡‡† 9:3 Дауд 4:4.

юкъара уггар тоьлла болу тӀемалой арамхошна
дуьхьалбехира. 10 Кхиболу эскархой цо шен вешига
Абушайга дӀабелира Ӏамминхошна дуьхьалбаха.
11 Йоаба Абушайга элира: «Арамхоша со эшочу
далахь, ахьа суна гӀо дийр ду, нагахь санна
Ӏамминхоша хьо эшош хилахь, аса хьоьгахьа гӀо
доккхур ду. 12 Доьналла долуш хила. Майра лаьттар
ду вай, Исраилан халкъ а, вайн Делан гӀаланаш а
ларъеш. Ткъа Везачу Эло Шен лаам берг дийр ду».
13 Йоаб шен эскарца арамхошна тӀелетира, ткъа
вуьш цунах бевдда дӀабахара. 14 Ӏамминхой, шайна
арамхой уьдуш гича, Абушайна дуьхьал
бевллачуьра бевдда гӀала дӀабахара. Ӏамминхой
болчуьра юха а вирзина, Йоаб Ярушалайме
схьавеара.
15 Арамхоша, шаьш исраилхоша эшийна хилар
гича, цхьаьна а кхетта, юха а эскар дӀахӀоттийра.
16 ХӀадад-Ӏезар-паччахьо Эпрат-хил дехьа Ӏаш болчу
арамхошка схьакхайккхира. Уьш, ХӀадад-Ӏезаран
тӀеман хьаькам волчу Шобаха, куьйгалла а деш,
Хьайламе схьагулбелира. 17 И хаам шега кхаьчча,
Дауд, массо а исраилхо вовшах а тоьхна, Йордан-
хил дехьа а ваьлла, Хьайламана тӀе боьдучу
новкъа велира. Цигахь арамхой Даудана дуьхьал
дӀахӀиттира. Уьш вовшех летира. 18 Амма арамхой
исраилхойх бевдда дӀабахара. Церан гӀудалкхех
Дауда ворхӀ бӀе хӀаллакйира, ткъа дошлойх
шовзткъа эзар стаг а вийра. Дауда иштта арамхойн
тӀеман хьаькам волу Шобах а, чов а йина, лазийра,
иза циггахь велира. 19 ХӀадад-Ӏезаран куьйга кӀел
хилла болчу паччахьаша, шаьш исраилхоша эшош
хилар гича, Даудаца барт бира, уьш цунна къера а
хилира. Ткъа арамхой Ӏамминхошна гӀо дан кхин
ца хӀуттура.

### Дауд Бат-ШабаӀах кхета

11 †Шо даьлча, паччахьаш тӀамана арабовлучу
хенахь, Дауда Исраилан халкъан эскар а, шен
эскархой а Йоабаца арабовлийтира. Цара,
Ӏамминхой эша а бина, церан Рабба олучу гӀалина
го бира. Ткъа Дауд Ярушалаймехь сецира.
2 Цхьана дийнахь вижначуьра гӀаьттина волу
Дауд паччахьан цӀийнан шерачу тхов тӀехула
волавелла лелаш вара. Цигара дӀахьаьжча, цунна
хи чохь луьйчуш йолу цхьа зуда гира. Иза чӀогӀа
хаза яра. 3 Цо, и зуда мила ю хьажа, ялхо
вахийтира. Ялхочо Дауде элира: «Иза ЭлиӀаман йоӀ
Бат-ШабаӀ ю, хьетахо волчу УрьяхӀун зуда а ю».
4 Ткъа Дауда и зуда ша волчу схьаяло геланчаш
бахийтира. Иза Дауд волчу схьаялийра, Дауд цунах
кхийтира. (Ткъа шен беттан цӀанъялар цу зудчо
хӀинца чекхдаьккхинера.) ТӀаккха иза шен цӀа
яхара. 5 Иза берах хилира. Цо Дауде, ша берах ю
аьлла, хабар дахьийтира.
6 Дауда Йоабе хабар дахьийтира: «Схьахьажаве
со волчу хьетахо волу УрьяхӀу», – аьлла. Йоаба
УрьяхӀу Дауд волчу дӀавахийтира. 7 УрьяхӀу Дауд
волчу веара. Паччахьо цуьнга Йоабах лаьцна а,
эскарх лаьцна а, тӀамах лаьцна а хеттарш дира.
8 Цул тӀаьхьа Дауда УрьяхӀуга элира: «ЦӀа а гӀой,
хьайн ши ког била». УрьяхӀу паччахьан цӀа чуьра
аравелира. Цунна тӀаьхьа совгӀатна паччахьо даар-
малар дахьийтира. 9 Амма УрьяхӀу шен цӀа ца
вахара. Шен олахочун массо а ялхочуьнца
паччахьан цӀийнан ков долчу дӀавижира иза.
10 Дауде, УрьяхӀу шен цӀа ца вахана аьлла, хаам
кхаьчначул тӀаьхьа, паччахьо цуьнга хаьттира:
«Бехачу новкъара юхавирзина ма ву хьо, хьайн цӀа
хӀунда ца вахара хьо?»
11 УрьяхӀус Дауде элира: «Делан тӀорказ а,
Исраилан халкъ а, ЯхӀудан халкъ а четарш кӀелахь
ду. Сан эла волу Йоаб а, цуьнан массо а эскархо а
аренгахь шайн *меттамотт* лаьттачохь бу. Муха Ӏийр
вара со, сайн цӀа а вахана, дууш-молуш, сайн
зудчуьнца дӀа а вуьжуш? Хьан дахарх а, хьан синах
а дуй боу аса, и санна дерг дийр ма дацара аса
аьлла».
12 ТӀаккха Дауда УрьяхӀуга элира: «Кхин цхьа де а
даккха кхузахь, кхана аса дӀавохуьйтур ву хьо».
Кханалера де тӀекхаччалц, УрьяхӀу Ярушалаймехь
сецира. 13 Дауда УрьяхӀу ша волчу дӀакхайкхира. И
шиъ дууш, молуш Ӏийра. Дауда цунна малийра.
Амма УрьяхӀу юха а, шен цӀа а ца воьдуш, шен
паччахь волчу элан ялхошца цхьаьна дӀавижа
вахара.
14 ШолгӀачу Ӏуьйранна Дауда, Йоабе кехат а
яздина, иза УрьяхӀуца дӀадахьийтира. 15 Кехата
тӀехь Дауда яздира: «УрьяхӀу тӀамехь хьалхахь
лаьтташ болчу тӀемалошца дӀахӀоттаве, уггар чӀогӀа
тӀом бечу меттехь. Цул тӀаьхьа, цунна уллора дӀа а
довлий, иза вейта». 16 Леррина гӀала дӀахьаьжча,
Йоабана хьаьара, уггар майра Ӏамминхой мичахь
лаьтташ бу. Цу метте УрьяхӀу дӀавахийтира цо.
17 ГӀалара нах, ара а бевлла, Йоабан эскарца тӀом
бан хӀиттича, Даудан эскарна юкъара масех стаг
вийра. Хьетахо волу УрьяхӀу а вара царах цхьаъ.
18 Йоаба тӀамехь мел хилларг Дауде дӀадийца стаг
вахийтира. 19 Ша вохуьйтуш волчу геланчина
тӀедиллира Йоаба: «Хьо тӀамах лаьцна паччахьна
дӀадийцина ваьлча, 20 хьайна иза оьгӀазвахана
гахь, цо резавоцуш хьоьга: „Шу стенна дахнера
гӀалина улло? Шуна ца хаьара, шайна гӀалин пенаш
тӀера пхерчий кхуьссур дуйла? 21 ††Хьан вийна Яруб-
Бошатан кӀант Абу-Малик? Зудчо ца кхоьссина
цунна тӀе кохьаран дакъа, иза Табацахь вала а
леш? Стенна дахнера шу цу гӀалин гонахарчу пенна
сел улло?“ – ала мега. Цо иза аьллачул тӀаьхьа, ахьа
хаам бе: „Хьан лай волу хьетахо УрьяхӀу а вийна“ –
алий».
22 Геланчо, дӀа а вахана, Дауде, Йоаба шена ма-
хьеххара, тӀамах лаьцна шадерг а дӀадийцира. 23 Цо
шен къамелехь кхин а тӀетуьйхира: «Эрначу арахь
и нах тхуна тӀелетира. Оха цаьрца тӀом болийра,
цул тӀаьхьа, лаьхкина, уьш гӀалин кевнна тӀе

† 11:1 1 Шерашкахь 20:1.

†† 11:21 Куьйгалхой 9:53.

кхаччалц дIа а бигира. 24 Цул тIаьхьа хьан эскархой
болчийн агIор гIалин пенаш тIера пхерчий кхисса
долийра. Цхьаболу хьан леш байина. Царна
юкъахь ву хьетахо волу УръяхIу а».
25 ТIаккха Дауда геланчехула Йоабе хабар
дахьийтира, цуьнан дог иракарахIотторхьама: «И
хIума бахьана долуш хьо юьхьIаьржачу ма хIотта.
ТIамехь тур цкъа цхьанна кхета, тIаккха вукхунна
кхета. ТIом чIагI а бе, и гIала хIаллак а е».
26 Шега УръяхIу велла аьлла хаам бича, Бат-ШабаI
шен майрачунна тийжира. 27 Тийжаран зама
чекхъяьлча, Дауда и йолчу стаг вахийтира Бат-
ШабаI шен цIа схьаялаяйта. Иза цуьнан зуда хилла
дIахIоьттира, цо Даудана кIант а вира. Амма Везачу
Элана и хIума ца дезаделира.

### ТаIзар а, гечдар а

12 †Везачу Эло Ната-пайхамар Дауд волчу
вахийтира. Цо, паччахь волчу а веана, элира:
«Цхьана гIалахь Iаш ши стаг хилла. Царах цхьаъ
хьал долуш хилла, ткъа важа къен хилла.
2 Хьалдолчун дуккха а уьстагIий а, бежанаш а
хилла. 3 Ткъа къен волчун, ша эцна цхьа жима
Iахар бен, кхин хIумма а ца хилла. Цо, яа хIума а
луш, дола а деш, кхиош хилла иза. Жима Iахар
цуьнан берашца цхьаьна хьалакхиъна. Цу стага
дIакховдийна долу бепиг дууш хилла Iахаро,
цуьнан кеда чуьра молуш а хилла, цуьнан некха
тIехь дIабуьжуш а хилла иза. Цу стагана шен йоI
санна хеташ хилла иза. 4 Хьал долуш верг волчу
ваьлла лелаш волу цхьа стаг веана. Амма
хьолахочунна ца лиира шен уьстагIашна а,
стерчашна а юкъара, цхьаъ схьа а къастийна,
ваьлла лелаш волчу стагана цунах яа хIума кечъян.
Цо, къечу стеган уьстагI схьа а лаьцна, цунах
хьешана пхьор кечдира».
5 Дауд цу стагана чIогIа оьгIазвахара. Цо Натига
элира: «Дийна волчу Делах дуй боу аса, и хIума
дина волу стаг вен ма веза! 6 Цу уьстагIна дуьхьал
цо доьазза дукха мах бала ма беза, хIунда аьлча
цуьнан даг чохь къинхетам ца хилла, и хIума ша
деш».
7 ТIаккха Ната-пайхамаро Дауде элира: «Хьо ву-кх
и стаг! Исраилан халкъан Везачу Дала иштта боху:
„Аса хьо Исраилан халкъана тIехь паччахь хилийта
къобалвина. Аса ваьккхина хьо Шаулан куьйга
кIелара схьа. 8 Аса хьан элан цIа а, цуьнан зударий
а хьуна дIабелла. Аса иштта Исраилан халкъана а,
ЯхIудан халкъана а тIехь паччахьалла а делла
хьуна. Нагахь санна хьуна иза кIезиг хеттехь, Аса
кхин а дукха рицкъа лур дара хьуна. 9 Хьо Везачу
Элах хIинца ца вешира, Цо ца магийна долу зе а
дина? Ахьа хьетахо волчу УръяхIуна тур а туьйхи,
цуьнан зуда хьайна схьа а ялий, ткъа иза
Iамминхойн карах вала а валийти. 10 Цундела тур
хьан цIенна массо а хенахь кхераме хир ду, хIунда
аьлча ахьа, Сох а ца вешаш, хьетахо волчу
УръяхIун зуда хьайна дIайигна“. 11 ††Везачу Эло
иштта боху: „Аса хьуна зе хьан цIа чуьра доуьйтур
ду. Хьуна хьалха хьан зударий, схьа а эцна, хьуна
чIогIа хьомсара хеташ волчу стагана дIалур бу.
Дийнан делккъехь, массарна а гуш, хьан зударех
кхетар ву иза. 12 И санна долу хIума ахьа къайлаха
дина, ткъа Аса иза, дерриг а Исраилан халкъана дIа
а хоуьйтуш, дийр ду“».
13 ТIаккха Дауда Натига элира: «Везачу Элана
хьалха аса къа латийна».
Натас Даудана жоп делира: «Везачу Эло ахьа
латийначу къиношна гечдо хьуна. Хьо лийр вац.
14 Амма, хьайгара далийтинчу цу хIуманехула хьо
Везачу Элах чIогIа ца ваьшна дела, хьуна вина
волу кIант лийр ву». 15 Ната шен цIа вахара.

### Даудан а, Бат-ШабаIан а бер далар

Везачу Эло УръяхIун зудчо Даудана дина долчу
берана цамгар туьйхира. Иза чIогIа цомгуш
хилира. 16 Дауд, и бер Деле доьхуш, доIа деш вара.
Цо марха лаьцнера. Шен цIа чохь ша а висна,
лаьтта охьа а вижна, буьйса яьккхира Дауда.
17 Цуьнан цIийнах болу къаной, иза волчу а
баьхкина, иза лаьттара хьалагIатто гIерташ бара,
амма Дауд цигара хьала а ца гIаьттира, цаьрца цо
яа хIума а ца йиира. 18 ВорхIалгIачу дийнахь бер
делира. Даудан ялхой цунах кхоьрура и бер деллий
дIахаийта. Цара бохура: «И бер дийна долчу хенахь
а цо тхо тергал ца дора. И бер делла хилар оха муха
хаийта деза цуьнга? Цо цхьа доьхна дерг дан там
бу».
19 Даудана гинера шен ялхоша вовшашлахь
шабар-шибар деш. ТIаккха кхийтира иза шен бер
делла хиларх. Цо хаьттира: «Бер делла?»
Ялхоша жоп делира: «Делла».
20 ТIаккха Дауд, лаьттара хьала а гIаьттина, лийча
а лийчина, шена тIе даьтта а хьаькхна, тIера
бедарш а хийцина, Везачу Элан четар чу Цунна
*Iибадат дан* вахара. Цигара цIа веанчул тIаьхьа, цо,
шена бепиг а даийтина, яа хIума йиира. 21 Ялхоша
цуьнга хаьттира: «И хIун ду ахь лелош дерг? Бер
дийна долчу хенахь хьо, марха кхобуш, воьлхуш
вара, ткъа иза деллачул тIаьхьа, хьо хьала а
гIаьттина, бепиг дууш ма ву?»
22 Дауда царна жоп делира: «Бер дийна мел ду, со
воьлхуш а вара, марха кхобуш а вара, хIунда аьлча
со, Везачу Эло къинхетам а бина, бер дийна дисаре
сатуьйсуш вара. 23 Ткъа хIинца бер делла. Аса
стенна кхобу марха? Соьга иза денлур ма дац. Со и
бер дахханчу дIагIур ву, ткъа иза со волчу
юхадоьрзур дац».

### Сулим дуьнен чу валар

24 Дауда шен зудчун Бат-ШабаIан дог ийцира. И
йолчу а вахана, Дауд цуьнца дIавижира. Бат-
ШабаIа юха а кIант вира Даудана. Цунна Сулим цIе

† *12:1 Забур 50:1.*

†† *12:11, 12 Дауд 16:22.*

тиллира. Иза Везачу Элана дукхавезавелира,
25 цундела Цо Ната-пайхамар вахийтира цига.
Везачу Эло ма-бохху, цо берана, Ядид-ЯхӀу аьлла,
цӀе тиллира (иза «Везачу Элан хьомениг» бохург
ду).

### Дауда Рабба-гӀала схьайоккху

(1 Шерашкахь 20:1-3)

26 Йоаб Ӏамминхойн Рабба-гӀалина дуьхьал тӀом
беш вара. Цуьнан паччахьан гӀап схьаяьккхира цо.
27 Йоаба Дауд волчу геланчаш бахийтира хаам
эцна: «Аса, Рабба-гӀалахь тӀом а бина, кхузара хи
долу меттиг схьалаьцна. 28 Бисина болу эскархой
схьа а гулбай, гӀалина тӀе а волий, иза схьаяккха.
Нагахь санна иза аса схьаяккхахь, цунна сан цӀе
тилла езар ю». 29 Дауд, массо а эскархо схьа а
гулвина, Рабба-гӀала вахара, цо тӀамца иза схьа а
яьккхира. 30 Дауда церан паччахьан коьртара †
деших дина, дезачу жовхӀарех кхелина долу *таж*
схьаийцира. И таж цхьа гали деших дина дара. И
таж Даудан коьрта тӀе диллира. Цо дуккха а хӀонс
араяьккхира цу гӀалара. 31 Дауда, Рабба-гӀалахь мел
болу бахархой ара а баьхна, уьш херхашца, аьчка
отургашца, дагаршца болх бан дӀахӀиттийра. Ткъа
иштта кибарчигаш а йоттура цара. Цо массо а
Ӏамминхойн гӀаланашкахь и тайпа белхаш
дӀахӀиттийра. Цул тӀаьхьа Дауд а, цуьнан эскар а
Ярушалайме юхадирзира.

### Амнан а, Тамара а

13 Даудан кӀентан Абушаламан, Тамара бохуш
цӀе а йолуш, чӀогӀа хаза йиша хилла. Ткъа
Даудан кхечу зудчун кӀантана Амнанна и шен йиша
Тамара езаелла. 2 Иза дукха чӀогӀа езарна Амнан
могуш воцуш хилла. Ткъа Тамара йоӀстаг хилла,
цундела Амнан йиш йоьхна лелаш хилла. 3 Цуьнан,
ЯхӀу-Надаб бохуш цӀе а йолуш, доттагӀа хилла. Иза
Даудан вешин ШимӀин кӀант вара. ЯхӀу-Надаб
чӀогӀа хӀилла долуш стаг вара. 4 Цо Амнане элира:
«Хьо де мел дели вочу волуш схьавогӀуш ма ву,
паччахьан кӀант. Соьга схьа ца дуьйцу ахьа, хьайна
хӀун хилла?»
Амнана цуьнга элира: «Сан вешин Абушаламан
йиша Тамара езаелла суна».
5 ЯхӀу-Надаба цуьнга элира: «Хьайн метта
охьавижа, хьо цомгуш волуш санна. Хьайн да
хьайга хьажа веача, цуьнга ала: „Сан йиша Тамара
яийтахьа со волчу, цуьнга, суна а гуш, юург а
яйтина, суна иза яо. Сайна иза дуьхьал а йолуш,
цуьнан карара юур яра аса и юург“». 6 Амнан, ша
цомгуш волуш санна, метта охьавижира. Паччахь
ша волчу веача, Амнана цуьнга элира: «Сан йиша
Тамара со волчу яийтахьа. Нагахь санна цо суна
хьалха цхьайолу мерза хӀуманаш яттахь, аса уьш,
цуьнан карара схьа а оьцуш, юур яра».
7 Дауда Тамара йолчу бахийтира, цуьнга, шен
вешин Амнанан цӀа а гӀой, цунна яа хӀума кечъе
аьлла.
8 Шен ваша Амнан волчу яхара Тамара. Иза
цомгуш Ӏуьллуш гира цунна. Дама схьа а эцна, бод
хьакхийра цо. Цунна хьалха мерза хӀуманаш а
йира. 9 Чохь мерза хӀуманаш йоттуш йолу зайла
схьа а эцна, Амнана хьалха юург охьайиллира
Тамарас. Амма Амнана хӀума ца йиира. Цо элира:
«Со волчуьра массо а аравала». Иза волчуьра
массо а аравелира. 10 Цул тӀаьхьа Амнана Тамарига
элира: «Юург со дӀавуьжучу цӀа чу дӀахьо, аса хьан
карара юур ю иза». Тамарас юург Амнан дӀавуьжучу
цӀа чу дӀаяьхьира. 11 Цо юург шена хьалха
охьахӀоттийча, Амнана, Тамара катоьхна схьа а
лаьцна, элира: «Охьайижа соьца, сан йиша».
12 Амма Тамарас элира: «ХӀан-хӀа, сан ваша. Ма
тоха сох куьг. Исраилан махкахь и санна долу хӀума
лелош дац. И сонта хӀума ма де. 13 Аса хӀун дан деза,
ахьа со юьхьӀаьржачу хӀоттийначул тӀаьхьа? Хьо а
наха сонта стаг санна вуьйцур ву. Паччахьца
къамел де, иза дуьхьал хир вац хьуна со хьоьга
дӀаяла». 14 Амма иза Тамарига ладогӀа лууш вацара.
Шен ницкъ цуьначул сов болу дела, цо иза, хьийза
а йина, сийсазъяьккхира.
15 Цул тӀаьхьа Амнан цуьнца чӀогӀа гамвелира.
Амнанан цабезам цуьнан безамал а чӀогӀа
чӀагӀбеллера. Амнана элира: «Хьала а гӀаттий,
дӀагӀо».
16 ТӀаккха Тамарас элира: «Ма эккхае со дӀа.
ХӀинца ахьа соьга бохург хьалха ахьа суна динчу
вонал а чӀогӀа ду».
Амма иза цуьнга ладогӀа лууш вацара. 17 Цо шен
гӀуллакх деш лелаш волчу ялхочуьнга, схьа а
кхайкхина, элира: «Араяккха и зуда со волчуьра,
цунна тӀаьхьа неӀаран гӀуй дӀаболла». 18 Ялхочо, иза
ара а яьккхина, цунна тӀаьхьа неӀ дӀакъевлира.
Тамарина тӀехь еха бедарш †† яра. И тайпа
бедарш паччахьан маре дахаза долчу зудабераша
лелайора. 19 Тамара, шен коьрта тӀе чимаш а тесна,
шена тӀехь йолу еха бедарш этӀа а йина, коьрта тӀе
ши куьг а диллина, тийжаш йогӀуш яра. 20 Цуьнан
вашас Абушалама хьаттира: «Хьоьца хилларг хьан
ваша Амнан-м вацара? Ма елха, сан йиша. Иза
хьан ваша ву. И хӀума хьайна чӀогӀа тӀе ма оза».
ХӀусам йоьхна йолу Тамара шен вешин
Абушаламан цӀахь ша Ӏаш яра.
21 Шена и хӀума дӀахиъча, Дауд чӀогӀа
оьгӀазвахара. 22 Ткъа Абушалам, я вон, я дика дош
аьлла, вист ца хилира Амнане. Цунна иза бӀаьрга
ван а ца вийзира, цо шен йиша Тамара хьийзийна
дела.

### Абушалама дӀадоьkху

23 Ши шо дӀадаьллачул тӀаьхьа, Абушалам Эпрам-
юьртана уллохь йолчу БаӀал-ХьацӀарахь шен
уьстагӀий лоргуш вара. Цо массо а паччахьан

† *Церан паччахьан коьртара *– я иштта: *МилкӀом-цӀун коьртара.**

†† *Еха бедарш *– я иштта: *хаза кечйина бедарш.**

кIентий кхайкхира ша волчу. 24 Абушалама,
паччахь волчу а вахана, цуьнга элира: «Со волчу
уьстагIий ларга нах баьхкина. Хьоьга а, хьан
ялхошка а кхайкха веана со».
25 Амма паччахьо Абушаламе элира: «Сан кIант,
тхо шадерш а догIур дац цига, хьуна новкъарло ца
ян». ЧIогIа дехар дира Абушалама шен дега, амма
Дауда иза, декъал а вина, дIавахийтира.
26 ТIаккха Абушалама элира: «Хьан цига ван карх
ца далахь, соьца сан ваша Амнан мукъана а
ваийтахьа».
Паччахьо цуьнга хьаттира: «ХIунда вогIуш ву иза
хьоьца?»
27 Амма Абушалама чIогIа дехар дина дела,
паччахьо цуьнца Амнан а, шен массо кIант а
вахийтира. ТIаккха Абушалама паччахьна лерина
санна долу пхьор кечдира †.
28 Абушалама шен ялхошна тIедиллира: «Амнан
ларвеш хилалаш. ЧагIар меллачул тIаьхьа цуьнан
дог сакъералуш хир ду. Аса шайга „ТIетоха цунна“, –
аьллачул тIаьхьа, Амнан, вей, дIаваккхалаш. Шу
кхера ма кхера. И хIума аса тIедиллина шуна.
Майра а, доьналла долуш а хила». 29 Абушалама
шайна тIедиллинарг кхочушдира ялхоша. Амнан
цара вийра, ткъа кхиболу паччахьан кIентий,
хьала а гIевттина, шайн бIарзанаш тIе а хевшина,
дIабевдира.
30 Уьш дIакхачале, Дауде хаам кхечира,
Абушалама паччахьан берриге а кIентий байина
аьлла. 31 Паччахь, хьала а гIаьттина, шена тIера
бедарш этIа а йина, лаьтта охьавуьйжира. Цуьнан
берриге а ялхоша а шайна тIера бедарш этIийра.
32 Амма Даудан вешин ШимIин кIанта ЯхIу-Надаба
элира: «Сан элана ма моьттийла шен массо а кIант
вийна. Вийнарг Амнан бен вац. Шен йиша Тамара
цо хьийзийначу дийнахь дуьйна и бекхам бан
гIерташ вара иза. 33 Массо паччахьан кIант вийна
бохуш, хьайн дагна хало ма елахь. Вийнарг Амнан
бен вац хьуна».
34 Ткъа Абушалам ведда дIавахнера. ГIалин ков
тергалдечу жимачу кIантана гира Хьоронаймерачу
некъа тIехула лам тIера охьабуьссуш дукха нах.
ТIаккха кIанта, ваха а вахана, паччахье элира:
«Суна гира Хьоронаймера некъа тIехула лам тIера
охьабогIу дукха нах» ††. 35 ЯхIу-Надаба паччахье
элира: «Гой хьуна! Ас ма-аллара, и богIуш берш
паччахьан кIентий бу». 36 Цуьнан багара и дешнаш
довллушехь, паччахьан кIентий, белха а боьлхуш,
схьакхечира. Дауд а, цуьнан ялхой а чIогIа боьлхуш
бара.
37 ‡Ткъа Абушалам, ведда дIа а вахана, Гешурара
паччахь волу IамихIудан кIант Талмай волчохь
дIалечкъира. Дауд-паччахь хIора дийнахь шен
кIантана воьлхура. 38 Абушалам, Гешура ведда дIа а
вахана, кхаа шарахь цигахь Iийра. 39 Амнан валар
бахьана долуш хилла болу сингаттам шена
тIерабаьлча, Абушаламна тIаьхьаваьлла лела кхин
ца лиира Даудана.

### Йоабехула Абушалам Ярушалайме юхаверзар

14 Царуятан кIантана Йоабана хиира, Дауд-
паччахь Абушаламах лаьцна ойланаш еш
вуйла. 2 Цундела Йоаба ТакхоI олучу меттиге нах
бахийтира, цигара цхьа хьекъале зуда шена
тIеялае аьлла. Цу зудчуьнга цо элира: «Хьо чIогIа
гIайгIане ю моттийта, хьайна тIе Iаьржа духар а
духа, коьртах зайтдаьтта а ма хьакха. Хьо хьайн
веллачу стагана йоьлху дикка хан йолуш санна
лела. 3 Цул тIаьхьа, паччахь волчу а гIой, цуьнга
хIара дешнаш дIаала». Йоаба цу зудчо паччахье
ала дезаш долу дешнаш дIахьийхира.
4 ТакхоI-гIалара хьекъал долу зуда паччахь волчу
чоьхьаелира. Цунна хьалха корта лаьтта кхаччалц
охьатаьIира иза. Зудчо элира: «ГIо дехьа суна,
паччахь!»
5 Паччахьо цуьнга хьаттира: «ХIун сингаттам бу
хьоьгахь?»
ТIаккха зудчо элира: «Со йисина Iаш ю, сан майра
велла. 6 Хьан лай йолчу сан ши кIант вара.
Аренгахь волчу хенахь цу шиннан дов даьлла
хилла. Цу шинна юккъе машар бан стаг а ца хилла,
цхьаммо вукхунна тоха а тоьхна, царах цхьаъ
вийна. 7 ХIинца сан мел волу гергара стаг хьан ялхо
йолчу суна дуьхьалваьлла. Цара соьга боху:
„Схьало тхоьга шен ваша вийна волу хьайн кIант.
Цо ваша вер бахьана долуш, оха иза вуьйр ву,
тIаьхьенах диснарг кхочун дерг а хIаллаквийр ву“.
Цара шаьш бохург дахь, сан доьзалан хIу довр ду,
сан майрачун хIокху дуьнен чохь цIе а, тIаьхье а
юьсур яц».
8 ТIаккха паччахьо элира: «ПаргIат хьайн цIа гIо,
хьан дуьхьа ас-айса гIайгIа бийр бу цу гIуллакхан».
9 Амма ТакхоIарчу зудчо элира: «Сан паччахь волу
эла, и бехк суна а, сан доьзална а тIехь бу, ткъа
паччахь а, цуьнан пачхьалкх а цу хIуманна бехке
дац».
10 ТIаккха паччахьо цу зудчуьнга элира: «Хьайна
цхьаъ дуьхьалвалахь, со волчу схьавалаве иза. Цо
кхин хьуна тIе куьг хьор дац хьуна».
11 ТIаккха зудчо элира: «Сан паччахь, хьайн
Везачу Делан цIарах дош лохьа суна, чIир
лоьхучара, сан кIант вен а вийна, цIий Iанор сов
доккхур дац алий».
Дауда элира: «Дийна волчу Везачу Элах дуй боу
ас, хьан кIентан коьртара цхьа чо а галбер бац
аьлла».
12 Зудчо юха а элира: «Хьан лай йолчуьнга кхин
цхьа хIума а алийтахьара ахьа хьайга».
Паччахьо элира: «Йистхила».
13 Зудчо элира: «Делахь, хьо цу тайпана Делан
халкъана дуьхьал хIунда ваьлла? Ахьа аьллачу

*† ТIаккха Абушалама паччахьна лерина санна долу пхьор кечдира *– иштта цхьадолчу ширачу тептарш тIехь тIетоьхна ду.* †† ТIаккха кIанта, ваха а вахана, паччахье элира: «Суна гира Хьоронаймера некъа тIехула лам тIера охьабогIу дукха нах» *– иштта Грекийн меттан тептар тIехь тIетоьхна ду.* ‡ 13:37 Дауд 3:3.*

дешнаша хьо-хьуо бехке во, хIунда аьлча ахьа
хьайн араваьккхина лелаш волу кIант цIа ца
верзаво. 14 Тхо лийр ду, лаьтта Iанийна долу, юха
схьагуллур доцу хи санна а хуьлуш. Амма Далла ца
лаьа са хIаллакдан, мелхо а, Цо ойланаш йо, наха
дIатеттинарг Шена уллора кхин дIа ца таттийта.
15 Цундела со хьо волчу и дешнаш хьоьга дIаала
еана, хIунда аьлча со наха кхерийна. Аса сайн
дагахь элира: „Паччахье йистхила еза со, аса
аьлларг дан мега цо. 16 Схьахетарехь, паччахьо, ла
а доьгIна, Дала суна а, сан кIантана а делла долу
доьзалан латта хIаллакдан гIерташ волчун карара
шен лай йолу со кIелхьарйоккхур ю“. 17 †ТIаккха
суна дагадеара: „Сан элан дош суна синхьаам беш
хуьлийла, хIунда аьлча сан паччахь волу эла Делан
*малик* санна ву. Цо дикачунна а, вочунна а юкъахь
башхо ян тарло. Ткъа хьан Веза Дела массо а
хенахь хьоьца хуьлийла“, – аьлла».
18 Паччахьо цу зудчуьнга элира: «Аса хIинца
хьайга динчу хаттарна соьга, хIумма а къайла а ца
доккхуш, ма-дарра дуьйцуш, жоп лолахь».
Зудчо элира: «Де хьайн хаттар, сан паччахь волу
эла».
19 Паччахьо элира: «Йоаб бахьана долуш-м ца до
ахьа соьга и къамел?»
Зудчо, жоп луш, элира: «Дийна волчу хьох чIагIо
йо ас, ахьа бохучунна я аьтту, я аьрру агIор таIа
йиш яц. Хьан лай волчу Йоаба тIедиллира суна, аса
хьоьга мел аьлларг паччахье дIаала аьлла. 20 Хьан
лай волчу Йоабан Iалашо и хIума вукху агIор
гайтархьама яра, амма сан олахо хьекъалалла
долуш ву, Делан малик хьекъалалла долуш ма-
хиллара, кху лаьттахь долу массо а хIума
хаархьама».
21 ТIаккха паччахьо Йоабе элира: «ХIинца ахь
бохург дийр ду ас. Ваха а гIой, жима стаг Абушалам
цIа верзаве».
22 Йоаба паччахьна хьалха корта лаьтта кхаччалц
охьатаIийра. Паччахь декъал а веш, цо элира:
«ХIинца хьан лай волчунна хаьа, хьо суна реза
вуйла, хIунда аьлча ахь хьайн лай волчо
бохучуьнга ладуьйгIи». 23 Цигара хьала а гIаьттина,
Гешура а вахана, Абушалам Ярушалайме
схьавалийра цо. 24 Паччахьо элира: «Шен цIа вола
ала цуьнга. Амма сан юьхь цунна гур яц».
Абушалам цIа веара, амма шен дена тIекхача йиш
йолуш вацара иза.

### Абушалам шен деца бертавоьду

25 Берриг а Исраилан махкахь вацара
Абушаламал хаза а, цул наха дика цIе йоккхуш а
стаг. Кога буьххьера дуьйна коьрта тIе кхаччалц
цхьа а айпе хIума дацара цунна тIехь. 26 Цо хIора
шарахь цкъа шен корта дIабошура, хIунда аьлча
цунна хала хуьлура шен коьртара месаш лелаян.
Корта дIабаьшначул тIаьхьа месаш оьзча, уьш ши
бIе шекхал †† гергга хуьлура, паччахьан шекхалан

† 14:17 Дауд 19:27. †† Ши бIе шекхал *– иза ши кийла ю.*

барамехь. 27 Цуьнан кхо кIант а, Тамара бохуш цIе а
йолуш, цхьа йоI а яра. Тамара чIогIа хаза зуда яра.
28 Шен дена дуьхьал ца воьдуш, Абушалама
Ярушалаймехь ши шо даьккхира. 29 Абушалама
Йоабана тIе стаг вахийтира, иза шен дена тIе хабар
эцна вахийта. Амма вукхунна ца лиира
Абушаламна тIе ван. Цо шолгIа а стаг вахийтира,
Йоабана тIе, амма важа юха а тIе ца веара.
30 ТIаккха Абушалама шен ялхошка элира: «Шуна
ма-хаьа, сан кхена уллохь Iуьллуш Йоабан кха
дуйла. Цигахь тIеболуш цуьнан мукх бу. Даха а
гIой, цунах цIе таса». Ялхоша мекхах цIе тесира.
31 ТIаккха Йоаба, Абушалам волчу а веана, цуьнга
хаьттира: «Хьан ялхоша сан кха тIехь цIе хIунда
тесна?»
32 Абушалама, цунна жоп луш, элира: «Аса хьоьга
кхайкха бахийтира, паччахье хаттар дайта:
„Гешурара со схьа хIунда валийна? Суна цигахь
Iийнехь атта хир дара“. Паччахьан юьхь ган лаьа
суна. Нагахь санна со бехке велахь, со, вей,
дIаваккхийта цуьнга».
33 Йоаба, паччахь волчу а вахана, шен
Абушаламца хилла долу къамел цуьнга
дIадийцира. ТIаккха Дауда Абушалам шена тIе
кхайкхира. Иза, паччахь волчу а веана, цунна
лаьтта кхаччалц, корта тухуш, охьатаьIира.
Паччахьо цунна барт баьккхира.

### Абушаламна Даудера паччахьалла схьадаккха дагадогIу

15 Цул тIаьхьа Абушалама шена гIудалкхаш а,
говраш а, шена хьалха сиха лелаш волу
шовзткъе итт стаг а нисвира. 2 Иза, Iуьйранна
хьалхе хьала а гIоттий, гIалина чувогIучохь
лаьтташ долчу кевнна уллохь дIахIуттура. Шена
уллохула паччахьна тIе цхьа гIуллакх эцна воьдуш
волу стаг гича, иза тIе а кхойкхий, Абушалама
хоттура: «Хьо муьлхачу гIалара ву?» Нагахь санна
стага «Исраилан халкъана юкъарчу иштттачу
тайпанара хьан лай ву» аьлча, 3 цо олура: «Ахьа
деана гIуллакх дика а, нийса а ду, амма паччахьан
цIарах хьоьга ладогIа стаг вац». 4 Цо кхин а
тIетухура: «Со мехкан кхелахо харжахьара, хIора
стагана гIо дан аьтто хир бара сан. Цхьа гIуллакх
дахьаш сайна тIевеъначу муьлххачу а стеган
гIуллакх нийса къастор дара аса». 5 Нагахь санна
шена корта тоха цхьаъ тIевеача, куьйгаш хьалха
дIа а дохуьйтий, цо иза мара вуллура, цунна барт а
боккхура. 6 Иза паччахь волчу веанчу массо а
исраилхочунна, цу тайпана тIекара а волий,
дуьхьалволура. Абушалама дуккха а болчу нехан
дегнаш шена тIедерзийра.
7 Диъ ‡ шо даьлча, Абушалама паччахье элира:
«Со Хьевроне вахийтахьара ахьа. Везачу Элана
дина долу нигат кхочушдан воллура со. 8 Арам-
махкахь йолчу Гешурахь со Iаш волчу хенахь аса

‡ *Грекийн гочдар тIехь: *диъ шо. *Iебархойн тептар тIехь: *шовзткъа шо.**

нигат дира: „Нагахь санна со Везачу Эло
Ярушалайме юхаверзавахь, аса Цунна Хьевронехь
† Iамал йийр ю“», – аьлла.
9 Паччахьо цуьнга элира: «Маьрша гIойла хьо».
Абушалам, хьала а гIаьттина, Хьевроне дIавахара.
10 Исраилан халкъан массо а тайпанашка цо шен
хьадалчаш дIасабахийтира. Цо царна
тIедиллинера: «Нагахь санна шайна цхьанхьа
коьман маIа локхуш хазахь, аша ала деза:
„Абушалам Хьевронехь паччахь хилла
дIахIоьттина!“» 11 Абушаламца ши бIе стаг вахара
Ярушалаймера. Цо цаьрга, шеца дуьйла аьлла,
кхайкхинера, ткъа цу нахана, шеко йоцуш,
кечдинчу гIуллакхех хIумма а ца хаьара. 12 СагIа
доккхучу хенахь Абушалама шена тIе гилохо волу
Ахьи-Тупал Гило-гIалара кхайкхира, Даудан
хьехамча волу. Абушалама къайлаха беш болу барт
чIагIлуш бара, цунна гонах дукха нах схьагуллуш
бара.

## Дауд а, цуьнца хилларш а Ярушалаймера бевдда дIабахар

13 Дауд волчу веанчу хаамчас цуьнга элира:
«Исраилхойн дегнаш Абушаламна тIедирзина».
14 Шеца Ярушалаймехь волчу шен массо а
ялхочуьнга Дауда элира: «ХьалагIовтта, девдда
дIагIур ду вай. Вай иза ца дахь, Абушаламах
кIелхьардовлалур дац вай. Сихлой, девдда
дIадахийталаш вай. Иза схьа а кхаьчна, цо вай
схьалацахь, вайна дукха зенаш хир ду, цо гIала а
хIаллакйийр ю, адамаш а дойур ду».
15 Паччахьан ялхоша элира: «Оха ахьа мел бохург
дийр ду, тхо хьан леш ду». 16 Паччахь, ара а ваьлла,
шен цIахь мел волчу стагаца гIаш дIавахара. Цо
шен цIахь итт *гIарбаш-зуда* йитира, цаьрга шен цIа
Iалашдайтархьама.
17 Паччахь а, цуьнан халкъ а, гIаш ара а даьлла,
тIаьхьарчу цIенна уллохь сецира. 18 Даудан мел
болу ялхой, цунна уллохула тIех а буьйлуш,
дIаоьхуш бара. Массо а кератхой а, палетхой а ††,
цуьнца Гати-гIалара схьавеана волу ялх бIе гатихо
а, паччахьал хьалха а ваьлла, дIавоьдуш вара.
19 ТIаккха гатихо волчу Ите паччахьо элира: «Хьо
хIунда вогIуш ву тхоьца? Юха а верзий, цу керлачу
паччахьца саца. Хьо тIевеана стаг ву, хьайн
махкара араваьлла волу. 20 Селхана схьавеана волу
хьо, аса тахана тхайца, дIа а вигна, хьийзор ву
моьтту хьуна? Суна со кхана мичахь хир ву ца хаьа,
цундела, хьайн вежарий схьа а эций, дIагIо. Веза
Эла хьоьца баккъалла тешаме хуьлда ‡».
21 ТIаккха Итас Дауде элира: «Дийна волчу Везачу
Элах а, сан эла волчу паччахьах а дуй боу аса, сан
эла волу паччахь я дуьнен чохь, я эхартахь хилахь,
иза воллучохь хир ву-кх цуьнан лай верг а».
22 ТIаккха Дауда Итига элира: «Схьавало соьца».
Гатихо Ита а, шен берриг нахаца а, берашца а
Даудана тIаьхьахIоьттира. 23 Берриг а латта мохь
тоьхна доьлхуш дара. Дерриг а халкъ а, паччахь а
Кхидрун олучу хин Iоврел дехьаделира. Уьш яьсса
аре йолчу агIор дIабахара.
24 ЦIадукъа а, цуьнца хилла болу левихой а Делан
деза тIорказ схьадахьаш богIуш бара. ТIорказ
охьахIоттийча, Абу-ЯтIари, берда тIе а ваьлла,
цигахь лаьтташ вара, нах гIалара арабовллалц.
25 Паччахьо ЦIадукъига элира: «Делан тIорказ гIала
юха дIахьо. Нагахь санна Веза Эла суна реза
велахь, Цо со цига юха а верзийтина, суна Шен
тIорказ а, и лаьтта меттиг а кхин а гойтур ю.
26 Нагахь санна Иза суна реза воцуш хилахь, Шена
луъург дойла Цо суна». 27 Цул тIаьхьа *динан да*
волчу ЦIадукъига паччахьо элира: «Хьо Делера
дерг гуш верг ма ву! ‡† Маьрша гIала юхаверза.
Хьан кIант АхьимаIац а, Абу-ЯтIарин кIант
ЯхIунатан а шуьца ву. 28 Ткъа со кхузахь хин
дехьарачу яьссачу аренгахь соцур ву, шуьгара
сайна хаам хиллалц». 29 ЦIадукъассий, Абу-
ЯтIариссий Делан тIорказ Ярушалайме
юхадерзийра. И шиъ цигахь сецира.
30 Велха а воьлхуш, Дауд *зайт-диттан* лам тIе
хьалаволуш вара. Цуьнан коьрта тIе тиллина хIума
яра, ткъа когаш берзина бара. Цуьнца хилларш а,
шайн коьрта хIума а тиллина, боьлхуш дIаоьхуш
бара. 31 Дауде хабар кхечира: «Ахьи-Тупал а ву
Абушаламца къайлаха барт бинчаьрца». ТIаккха
Дауда элира: «Веза Эла! Ахьи-Тупала царна бина
болу хьехам сонталле берзабелахь!»
32 Дауд Далла Iибадат дечу метте, лома буьххье,
хьалаваьлча, цунна гира шена дуьхьалвогIу
Iаьркхихо волу шен доттагIа Хьушай. Цунна тIера
бедарш этIийна яра, коьрта тIе тесна чан а яра.
33 Дауда цуьнга элира: «Хьо соьца вагIахь, суна хьо
новкъахир ву. 34 Амма хьо Ярушалайме
юхаверзахь, хьоьга Ахьи-Тупала царна беш болу
хьехам бохалур бу. Абушаламе ала: „Паччахь, со –
хьан лай ву. Хьалха со хьан ден лай вара, ткъа
хIинца чул тIаьхьа хьан лай хир ву“. 35 Хьоьца
цхьаьна динан дай болу ЦIадукъа а, Абу-ЯтIари а
хир ву. Хьайна паччахьан цIа чохь мел хезнарг
цаьрга дIадийца. 36 ЦIадукъин кIант АхьимаIац а,
Абу-ЯтIарин кIант ЯхIунатан а цигахь хир ву.
Хьайна хезнарг дахьаш уьш со волчу бахкийта».
37 Даудан къастийна хьехамча волу Хьушай
Ярушалайме юхавирзира, Абушалам а цигга
чувогIуш вара.

## Цубина Дауд дуьхьалкхета

16 ‡‡Дауд ломан буьххьера жимма охьаваьлча,
цунна дуьхьалкхийтира Мапи-Бошатан ялхо

† Хьевронехь *– иштта цхьадолчу грекийн гочдарш тIехь тIетоьхна ду.* †† Кератхой, палетхой *– кхечу мехкашкара болу, паччахь ларвеш болу тIемалой.* ‡ Грекийн гочдар тIехь: *Веза Эла хьоьца баккъалла тешаме хуьлда. *Iебархойн тептар тIехь: *Баккъалла болу тешам хуьлда хьоьца.*

‡† Iебархойн тептар тIехь: *Хьо Делера дерг гуш верг ма ву. *Грекийн гочдар тIехь: *Хьажал!* ‡‡ 16:1 Дауд 9:9, 10.

волу Цуба. Цо ялош яра мохь тIебиллина йолу ши
вир. Царна тIе диллина ши бIе бепиг а, цхьа бIе
курс кишмаш а, цхьа бIе стом а, чагIар чохь долу
*пIаьлдиг* а бара. 2 Паччахьо Цубига хаттар дира:
«Стенна оьшу хьуна и мохь?»
Цубас жоп делира: «Варраш паччахьан цIенна
оьшур ю аьлла ялийна, царна тIехь
дIасавахархьама. Бепиггий, стоьмашший
тIемалошна даа деана. Ткъа чагIар яьссачу
аренгахь болчу гIора дIадаьллачарна мала деана».
3 †Паччахьо элира: «Хьан элан кIентан кIант
мичахь ву?»
Цубас Даудана жоп делира: «Иза Ярушалаймехь
сецна. Цо боху: „ХIинца исраилхоша суна сан ден
паччахьалла схьалур ду“».
4 ТIаккха Дауда Цубига элира: «Мапи-Бошатан мел
хилла долу хIума аса хьуна дIало».
Цубас элира: «Аса хьуна хьалха корта охьатаIабо,
ва сан эла волу паччахь, хьо суна реза хуьлийла!»

### ШамаIис Даудана неIалт олу

5 Дауд Бахьруме дIакхаьчча, цигара Шаулан
цIийнах волу цхьа стаг аравелира. Цуьнан цIе
ШамаIи яра. Иза Герин кIант вара. ШамаIи,
неIалташ а кхайкхош, 6 Даудана а, цуьнан ялхошна
а тIулгаш кхуьссуш вогIуш вара. Делахь а, массо а
эскархой а, майра нах а паччахьна аьтту а, аьрру а
агIор дIахIиттина бара. 7 НеIалташ а кхайкхош,
ШамаIис бохура: «ДIавала, дIагIо, сий доцуш волу
нах бойург! Зуламхо! 8 Везачу Эло бекхам бо хьуна,
ахьа Шаулан тIаьхьенан цIий Iанор бахьана долуш
а, цул тIаьхьа хьо цуьнан метта охьахаар бахьана
долуш а. Везачу Эло паччахьалла дIаделла хьан
кIант волчу Абушаламан кара. Ткъа хIинца хьо
баланехь ву, хьо цIий Iанош верг хилар бахьана
долуш».
9 Царуятан кIанта Абушайс паччахье элира: «Оцу
деллачу жIаьло сардамаш хIунда духку сан эла
волчу паччахьна? Аса, ваха а вахана, цуьнан корта
схьабоккхур бу».
10 Амма паччахьо элира: «ХIун дийр ду аса шуна,
Царуятан кIентий? Вита иза. Везачу Эло цуьнга со
сийсазваккха аьлла хилча, цуьнга: „Ахьа иза хIунда
леладо?“ – ала мила ву?» 11 Дауда Абушайга а, шен
массо а ялхошка а элира: «Сох схьаваьлла волу сан
кIант а со вен араваьлла хилча, хIокху бен-
яманхочун хIун бехк бу? Iадвита иза, дохкийта
цуьнга сардамаш, хIунда аьлча Везачу Эло цуьнга
иштта аьлла. 12 Тахана сан бала †† Везачу Элана
дIагича, таханлерчу сардамийн метта Цо суна
декъалдар юхадала а мега». 13 Дауд а, цуьнца
хилларш а шайн новкъахула дIабоьлхуш бара, ткъа
ШамаIи Даудана тIаьхьаваьллачуьра дIа ца волура.
Ламанан басехула схьавогIуш вара иза, Дауд волчу
агIор тIулгаш а, чан а кхуьйсуш. 14 Шаьш кхача
безачу метте схьа а кхаьчча, паччахьо а, цуьнца
хиллачара а, чIогIа кIадбелла хиларна, цигахь
садаьIира.

### Ахьи-Тупала Даудах лаьцна хьехар до

15 Ткъа Абушалам, шеца дерриг а Исраилан халкъ
а долуш, Ярушалайме схьавеара. Цуьнца цхьаьна
Ахьи-Тупал а вара. 16 Даудан доттагIа волчу
Iаькхихочо Хьушайс, Абушалам волчу а веана,
цуьнга элира: «Дукха вехийла паччахь!»
17 ТIаккха Абушалама цуьнга хаьттира: «Иштта
тешаме ву-кх хьо хьайн доттагIчунна? Цуьнца дIа
хIунда ца вахара хьо?»
18 «ХIан-хIа, – элира Хьушайс Абушаламе – Со
Везачу Эло а, хIокху халкъо а, массо а исраилхоша
а хаьржинчуьнца хир ву. Со цуьнца соцур ву. 19 Цу
тIе, хьанна гIуллакх деш хир ву со? Цуьнан
кIантана хир вац? Со хьан ден гIуллакххо ма-
хиллара, иштта хьуна а гIуллакххо хир ву».
20 Абушалама Ахьи-Тупале элира: «Хьехам бехьа,
вай хIун дан деза?»
21 Ахьи-Тупала Абушаламе элира: «Хьан дас
кхузахь шен цIа Iалашдан битинчу цуьнан *гIарбаш-
зударшца* дIавижа. ТIаккха массо а исраилхошна
дIахезар ду, хьо хьайн дена бIаьргахь доллу дитт
санна хета аьлла. Хьуна тIаьхьа бевлларш хьоьца
кхин а чIогIа тешаме болуш дIахIуьттур бу».
22 ‡Шерачу тхов тIехь Абушаламна четар хIоттийра.
Ткъа иза массо а Исраилан халкъана хьалха, четар
чу а вахана, шен ден гIарбаш-зударех кхийтира.
23 Цу хенахь Ахьи-Тупала беш болу хьехамаш
Делера болу хьехамаш санна лорура. Уьш Дауда а,
Абушалама а чIогIа ладогIа дезаш болу хьехамаш
бара.
17 Ахьи-Тупала Абушаламе элира: «Шийтта эзар
стаг схьа а хаьржина, хьала а гIаьттина, со
кху буьйсанна Даудана тIаьхьавер ву. 2 Иза гIел а
велла, цуьнан гIора дIадаьллачул тIаьхьа, со цунна
тIелетар ву. Аса иза кхерор ву, ткъа цуьнца берш
бевдда дIагIур бу. Аса паччахь бен вуьйр вац. 3 Аса
массо а адам хьуна тIедерзор ду. Ахьа лоьхуш долу
и цхьа са делла дIадалар бахьана долуш, дерриг а
халкъ шайна юкъахь машар а болуш Iийр ду ‡†».
4 Абушаламна а, Исраилан массо а къаношна а и
дешнаш чIогIа дезаделира.

### Хьушайс дина долу хьехар

5 Абушалама элира: «Iаькхихо волчу Хьушайга
схьакхайкха. Цо хIун олу хьовсур ду вай». 6 Хьушай
Абушалам волчу веара. Абушалама цуьнга элира:
«Ахьи-Тупала дина долу хьехар иштта ду. Цо
аьлларг дан дезий вай? Нагахь санна хьо реза
вацахь, хьайна хетарг ала».

---

† 16:3 Дауд 19:25-27. †† Цхьадолчу тептарш тIехь: *сан бала.* *Iебархойн тептар тIехь:* *суна дина воиг.*

‡ 16:22 Дауд 12:11, 12. ‡† Iебархойн тептар тIехь: *Аса массо а адам... Iийр ду.* *Грекийн гочдар тIехь:* *Нускал шен майрачунна тIе ма-дерззара, аса массо а адам хьуна тIедерзор ду. Хьуна цхьа са бен ден ма ца лаьа, ткъа важа нах кхерам боцуш хир бу.*

7 Хьушайс Абушаламе элира: «Ахьи-Тупала хIинца
дина долу хьехар дика дац. 8 Хьуна хьайн да а
вевза, цуьнан нах а бевза. Уьш майра а бу, шен
кIорнех яьккхина йолу нана-ча санна, дера а бу.
Хьан да майра стаг ву. Иза шеца болчу нахаца
буьйса йоккхуш Iийр вац. 9 Иза хIинца, цхьана
хьеха чохь я кхечу меттехь къайлаваьлла Iаш хир
ву. Нагахь санна хьан да хьоьца болчарна хьалха
тIелатахь, и хIума хезна болчу нахана дагадогIур
ду: „Абушаламна тIаьхьахIиттинарш эшийна!“ –
аьлла. 10 ТIаккха, лом санна, майра берш а дог эшна
дIахIуьттур бу, хIунда аьлча дерриг а Исраилан
халкъана хууш ду, хьан да чIогIа майра тIемало
вуйла а, цуьнца берш доьналла долуш буйла а.
11 Цундела аса хьехар до хьуна: дерриг а Исраилан
халкъ Дан-гIалара дуьйна Беар-ШабаIе кхаччалц
хьо волчу схьагулдалийта. Адам, хIордан йистера
гIум санна, дукха хир ду. ТIаккха ахьа, хьо хьалха а
ваьлла, уьш тIамтIе бига беза. 12 Цул тIаьхьа вай
Даудана тIелетар ду, иза миччахь велахь а. Вай
цунна тIелетар ду, Iуьйранлера тхи лаьтта тIе ма-
дожжара. Я иза а, я цуьнца волу цхьа а стаг а
вуьсур вац дийна. 13 Нагахь санна иза цхьана гIала
дIаводахь, массо а исраилхоша и гIала йолчу метте
машшаш схьадахьар ду. Вай оцу гIалин пенаш
тогIи чу такхор ду, тIаккха цу гIалех цхьа а тIулг
буьсур бац».
14 Абушалама а, массо а исраилхоша а элира:
«Iаьркхихо волчу Хьушайн хьехам диках бу Ахьи-
Тупалан хьехамал». Цара иштта элира, хIунда
аьлча Везачу Эло сацам бинера Ахьи-Тупалан дика
хьехар дохо, Абушаламна тIе бохам баийтархьама.

## Хьушайс динчу хьехаро Даудан цIа кIелхьардоккху

15 Динан дай болчу ЦIадукъе а, Абу-ЯтIарига а
Хьушайс элира: «Иштта хьехар дира Ахьи-Тупала
Абушаламна а, Исраилан къаношна а, ткъа аса
царна кхин тайпа хьехар дира. 16 Ткъа хIинца, Дауд
волчу нах а бахийтий, цуьнга алийта: „Тховса
яьссачу аренгахь йолчу хил дехьа волийла
йолчохь а ца Iаш, цу хил дехьа а валий, цигара
дIавала, хIунда аьлча паччахь а, цуьнца болу нах а
тховса хIаллакбаран кхерам бу“».
17 Динан ден кIентий ЯхIуната а, АхьимаIац а
Iейн-РегIал цIе йолчу хьоста йистехь лаьтташ вара.
ГIалина чуволийла дацара цу шиннан, иза царна
кхераме хиларна, цундела зуда-ялхочо, яха а яхана,
цаьрга и шадерг а дIадийцира, ткъа цу шиммо
Дауде хаам бира. 18 Амма и шиъ гина волчу, цхьана
кхиъна вогIучу кIанта Абушаламе хаам бира.
Цигара сихха дIа а вахана, и шиъ Бахьрумехь
вехаш волу цхьа стаг волчу веара. Цу стеган
кертахь яьккхина гIу яра. И шиъ цу чу воьссира.
19 Цу кертарчу зудчо, шаршу схьа а эцна, и цу гIуна
тIе тесира, ткъа шаршуна тIе ялтин буьртигаш
тийсира, цхьа а шек ца валийта. 20 Абушаламан
тIемалоша, цу зудчун цIа а баьхкина, цуьнга
хьаттира: «Мичахь ву ЯхIунатий, АхьимаIацций?»
Зудчо цаьрга элира: «Уьш, хил дехьа а бевлла,
дIабахара».
Лехначул тIаьхьа, уьш шайна кара ца бича, ялхой
Ярушалайме дIабахара. 21 Уьш дIабаханчул тIаьхьа
ЯхIунатий, АхьимаIацций, гIуна чуьра ара а ваьлла,
Дауде хаам бан вахара. Цара Дауде элира: «Сихха
хил дехьа а довлий, дIагIо. Ахьи-Тупала хьуна
дуьхьал иштта хьехар дина». 22 Дауд а, цуьнца
хилла болу нах а Йордан-хил дехьабевлира.
Сахуьллучу хенахь хил дехьа валаза цхьа а стаг ца
висира.
23 Ахьи-Тупална хиира, ша дина долу хьехар
кхочуш ца динийла. Шен вирана тIе нуьйр а
тиллина, иза ша Iийначу гIала дIавахара. Шен
тIаьхьенна весет а дитина, Ахьи-Тупал
ирхъоллавелира, цул тIаьхьа иза шен ден коша чу
дIавоьллира.

## Дауд Махьанаймехь хилар

24 Дауд Махьанайме схьавеара, ткъа Абушалам,
массо а исраилхо шеца цхьаьна а волуш, Йордан-
хил дехьавелира. 25 Абушалама шен эскаран коьрте
Йоабан метта Iамасаъ дIахIоттийнера. Iамасаъ
Исраилара † ИтIар цIе йолчу цхьана стеган кIант
вара. ИтIаран нана АбигIал яра. Иза Нахьашан йоI
а, Царуятан йиша а яра. Ткъа Царуят Йоабан нана
яра. 26 Абушалама, шеца дерриг а Исраилан халкъ
цхьаьна а долуш, галIадхойн лаьтта тIехь шен
*меттамотт* дIахIоттийра.
27 Дауд Махьанайме схьакхаьчча, Iамминхойн
Рабба-гIалара волчу вахархочун Нахьашан кIанта
Шобас а, Ладебарара вахархочун Iамиалан кIанта
Макира а, РогIлаймарчу галIадхочо Барзалайс а
28 цхьаболу мотт-гIайба а беара, цхьадолу боганаш
а деара, иштта кхийра пхьегIаш а еара. Цара иштта
кIа а, мукх а, дама а, кхерзинчу ялтин буьртигаш а,
кхоьш а, хьозийн кхоьш а, 29 моз а, даьтта а,
уьстагIий а, аттера яьккхинчу шуьрех йина йолу
кIалд а еара Даудана а, цуьнца хиллачарна а яа.
Цара бохура: «Адам яьссачу аренгахь гIел а делла,
мац а делла, хьаг а делла».

## Абушалам эшор а, вер а

18 Дауд шен эскаре хьожуш чекхвелира. Цо
шен эскарна тIехь цхьа бIе а, цхьа эзар а стаг
карахь волуш хьаькамаш дIахIиттийра. 2 Шен эскар
Дауда кхаа декъе дийкъира. Цхьа тоба, Йоаб
коьртехь а волуш, дIахьажийра цо. ШолгIа тоба –
Йоабан ваша волчу Царуятан кIант Абушай
коьртехь волуш. Ткъа кхоалгIа тоба гатихо волчу
Итица дIаяхийтира. Паччахьо гулбеллачаьрга
элира: «Со а вогIур ву шуьца».
3 Амма наха цуьнга элира: «Хьо тхоьца ма вола.
Тхо дIадовдуш хилахь а, цхьаммо а тидам бийр бац
тхан. Тхох нийсса ах хIаллакьхилахь а, иштта

† *Iебархойн тептар тIехь: *Исраилара. *Цхьана грекийн гочдар тIехь: *ИсмаьIалара.**

тидаме оьцур дац. Ткъа хьо цхьаъ – итт ээар стеган
метта ву. Цундела, хьо гӀалахь а сецна, цигара тхо
долчу ахьа гӀо даийтича гӀолехь ду».
4 Паччахьо цаьрга элира: «Аша боххург дийр ду
аса». Иза ков долчохь дӀахӀоьттира. Адам гӀалара
бӀе а, эзар а стаг юкъахь йолчу тобанашца
арадолуш дара. 5 Паччахьо Йоабигий, Абушайгий,
Итигий омра дира: «Жима стаг волу Абушалам
кхоаве суна!» – аьлла. Массарна а дӀахезира
паччахьо Абушаламах лаьцна шен эскаран
хьаькамашка аьлларг.
6 Даудан эскар аренгахь Исраилан эскарна
дуьхьалделира. Уьш Эпрайман хьуьнхахь
вовшахлетира. 7 Даудан эскаро исраилхой эшийра.
Боккха толам баьккхира цара цу дийнахь: ткъа
эзар стаг вара вийна Іуьллуш. 8 Гонах, массо а
меттехула, дӀабаьржира тӀом. Адам хьун бахьана
долуш дукха хӀаллакьхилира, тур бахьана долчул.
9 Шена дагахь а доцуш, Абушалам Даудан
тӀемалошна дуьхьалкхийтира. Иза шен
вирбӀарзанна тӀехь дӀавоьдуш вара. ВирбӀарза
доккхачу ножан диттан генашна кӀелхула
дӀайоьдучу хенахь, Абушаламан месаш гаьннех
дӀатасаелира. Иза лаьттаний, стигалний юккъехь
кхозуш висира, ткъа цуьнгахь хилла йолу
вирбӀарза едда дӀаяхара. 10 И сурт гина волчу
цхьана тӀемалочо Йоабе хаам бира: «Абушалам
ножан дитта тӀехь кхозуш ву» – аьлла.
11 Йоаба шега и хаам бина волчу стаге элира:
«Хьайна иза гина хилча, иза, тоьхна, лаьтта охьа
хӀунда ца виллира ахьа? Аса итт *шекхал* детий,
доьхкий лур ма дара хьуна».
12 Цо Йоабе жоп делира: «Сайна кара цхьа эзар
шекхал дети схьаделча а, аса паччахьан кӀантана
тӀе куьг хьур дацара, хӀунда аьлча тхуна массарна а
хезира хьоьгий, Абушайгий, Итигий паччахьо
аьлларг: „Жима стаг Абушалам кхоаве суна!“
13 Нагахь санна аса, ахьа бохург а дина, Абушалам
вийна хиллехь, иза паччахьна ца хууш дуьсур
дацара. ТӀаккха хьо, суна генна а ваьлла, дӀахӀуттур
вара».
14 Йоаба элира: «Сан йиш яц хьоьца хан яйа!» Кхо
жима *гоьмукъ* схьа а эцна, цо уьш ножан дитта
тӀехь валаза кхозуш волчу Абушаламан дагах
чекхдехира. 15 Йоабан герз лелош волчу итт къона
тӀемалочо Абушаламна го бира. Цара иза вийна
дӀаваьккхира.
16 Йоаба коьман маӀа лекхира. Цуьнан эскар
исраилхошна тӀаьхьадаьллачуьра юхадирзира.
Уьш Йоаба кхоийра. 17 Цара Абушаламан дакъа,
дитт тӀера схьа а даьккхина, хьуьнхарчу доккхачу
ор чу а кхоьссина, тӀе тӀулгаш кхиссира. Цу хенахь
массо а исраилхо ведда, шен-шен цӀа чу а вахана,
дӀасаваьллера.
18 Ша дийна волчу хенахь паччахьан тогӀи чохь
Абушалама ша-шена хӀоллам хӀоттийнера. ХӀеттахь
цо аьлла хилла: «ЦӀе йиц ца яйта цхьа а кӀант вац
сан». Цу хӀолламна цо шен цӀе тиллина хилла.
Тахана а, «Абушаламан хӀоллам» аьлла, цӀе йоккху
цуьнан.

### Даудана, Абушалам кхелхина аьлла, дӀахеза

19 ЦӀадукъин кӀанта АхьимаӀаца Йоабе элира: «Аса
ведда хаам бийр бу паччахье, Везачу Эло, Шен
кхел а йина, иза мостагӀех кӀелхьарваьккхина
аьлла».
20 Амма Йоаба цуьнга элира: «Тахана Даудана
дика кхаъ бахьаш веанарг хир вац хьо. Муьлххачу
а кхечу дийнахь гӀур ву хьо цига, тахана а ца
воьдуш, хӀунда аьлча велларг цуьнан кӀант ву».
21 Цул тӀаьхьа Йоаба цхьана хушахочуьнга элира:
«Ваха а гӀой, паччахье хьайна гинарг ма-дарра
дӀадийца». И хушахо, Йоабана хьалха корта охьа а
таӀийна, сихха Дауд волчу вахара.
22 Амма ЦӀадукъин кӀанта АхьимаӀаца, ша
аьллачунна тӀера ца волуш, юха а Йоабе элира:
«ХӀуъа а хилахь, со а воьду хушахочуьнца».
Йоаба цуьнга элира: «ХӀунда воьду хьо цуьнца,
сан кӀант? Ахьа дӀабахьа кечбинарг дика кхаъ ма
бац».
23 АхьимаӀаца элира: «Иза иштта делахь а, со
воьду цига».
ТӀаккха Йоаба элира: «Вада, гӀо». АхьимаӀац
Йордан-тогӀи чохь болчу новкъахула ведда
дӀавахара. Иза хушахочул хьалха дӀакхечира цига.
24 Дауд шина кевнна юккъехь Іаш вара. Кевнан
тхов тӀе ваьллачу гӀаролхочун ша цхьаъ волуш
ведда вогӀучу стагах бӀаьрг кхийтира. 25 Цо, мохь а
тоьхна, паччахье хаам бира. Дауда элира: «Нагахь
санна и стаг ша цхьаъ вогӀуш велахь, иза хаамча
ву». Ткъа важа улло кхаьчна вогӀуш вара.
26 ГӀаролхочунна кхин а цхьа стаг гира, ведда
вогӀуш. Цо ков лардархочуьнга мохь туьйхира:
«Кхин а цхьа стаг ву ведда вогӀуш».
Паччахьо элира: «Иза а хаамча ву».
27 ГӀаролхочо элира: «Суна хьалха вогӀуш волчун
болар го. Иза ЦӀадукъин кӀентан АхьимаӀацан
боларх тера ду».
ТӀаккха паччахьо элира: «И стаг дика стаг ву. Иза
дика кхаъ бахьаш вогӀуш ву».
28 АхьимаӀаца, мохь а тоьхна, паччахье элира:
«Машар!» Цо, лаьтта кхаччалц паччахьна хьалха
шен корта охьа а таӀийна, элира: «Декъала ву хьан
Веза Дела. Цо сан эла волчу паччахьна дуьхьал
куьг даьхьна болу мостагӀий хӀаллакбина».
29 Паччахьо хаьттира: «Дийна вуй къона
Абушалам?»
АхьимаӀаца элира: «Йоаба со кхуза воуьйтучу
хенахь цигахь хилла болу нах чӀогӀа боьхна
хьийзаш гира суна. Амма цигахь хилларг суна ца
хаьа».
30 Паччахьо элира: «Юьстах а валий, кхузахь
саца». Иза, дехьа а ваьлла, сецира.
31 Эццахь веана хушахо а схьакхечира. Цо элира:
«Дика хаам бу сан эла волчу паччахье! Тахана

Везачу Эло хьуна дуьхьалбевлла болу мостагIий эшийна».
[32] Паччахьо хушахочуьнга хаьттира: «МогушпаргIат вуй къона Абушалам?»
Хушахочо элира: «Сан эла волчу паччахьан мостагIашна а, цунна дуьхьал мел ваьллачунна а хуьлийла Абушаламна хилларг!»
[33] Паччахь воьхна хьаьвзира. Кевнна тIехула дина долчу цIа чу а вахана, вилхира иза. Цу тIе хьалаваьллачу хенахь цо бохура: «Сан кIант Абушалам! Сан кIант, сан кIант Абушалам! Хьан метта со велла велара, сан кIант Абушалам!»

## Йоаба Даудах бехк боккху

19 Йоабе хабар кхечира: «Паччахь Абушалам бахьана долуш, воьлхуш, гIайгIане ву», –
аьлла. [2] Цундела толам баьккхина долу де дерриг а
эскарна гIайгIане де хилла дIахIоьттира, хIунда
аьлча массарна а хиира паччахь шен кIант
бахьана долуш гIайгIане вуйла. [3] Шаьш гIали чу
богIучу хенахь, тIемалой тебна богIуш бара, тIам
тIера, юьхьIаьржачу а хIиттина, бевдда богIуш
санна. [4] Ткъа паччахь, шен юьхь тIе ши куьг а
диллина, мохь бетташ тийжаш вара: «Сан кIант
Абушалам! Ва-а, сан кIант Абушалам!» – бохуш.
[5] Паччахь волчу цIа а веана, Йоаба цуьнга элира:
«Тахана бойучуьра хьо а, хьан кIентий а,
зудабераш а, хьан зударий а, *гIарбаш-зударий* а
кIелхьарбаьхна волчу хьан массо а тIемалочунна а
эхь хетийти ахьа. [6] Хьо цавезарш беза хьуна, ткъа
хьо везачаьрца цабезам кхоллало хьан. Цундела
тахана массарна а гайти ахьа, хьан тIеман
хьаькамаш а, церан тIемалой а хьайна хIумма а ца
хетийла. Тахана суна хиъна, тхо массо а хIаллак а
хилла, Абушалам дийна висина хиллехь, хьо цу
балхана реза хирг хилар. [7] Ара а валий, вистхила
хьайн тIемалошка. Церан дог эца! Аса Везачу Элах
чIагIо йо хьуна, хьо царна дуьхьал ца хIоттахь,
хIара буьйса дIаялале, хьуна уллохь цхьа стаг
вуьсур ма вац аьлла. Иза хьо бер долчу дийнахь
дуьйна хьуна гиначарел уггаре а боккха бохам хир
ма бу хьуна». [8] Паччахь, хьала а гIаьттина, кевнна
хьалха охьахиира. Эскаре и хаам дIакхаьчначул
тIаьхьа, дерриг а эскар шайн паччахь волчу
схьагулделира.

## Дауд Ярушалайме юхаверзар

Ткъа исраилхой шайн-шайн цIа дIабевддера.
[9] Массо а Исраилан тайпанашкахь халкъ
вовшашца къийсалуш дара. Цара бохура:
«Паччахьо вайн мостагIий болчу пIелаштамхойх
кIелхьардаьхна вай, ткъа хIинца иза Абушаламах
ведда, шен пачхьалкхера араваьлла. [10] Амма вай
паччахь ван къобалвина волу Абушалам тIамехь
вийна. Ткъа хIинца аша, паччахь юха ца верзош,
хан хIунда йолуьйту?»
[11] Дауда динан дай болчу ЦIадукъиний, Абу-
ЯтIариний тIе стаг вахийтира хабар эцна: «ЯхIудан
къаношка дIаала: „Паччахь юха валавеш болчарна
юккъехь тIаьххьара хила хIунда лаьа шуна, массо а
исраилхойн лаам паччахь вехаш волчу цIен тIе
дIакхаьчна хилча? [12] Шу сан вежарий ду, сан
даьIахкаш а, сан дилха а – шу ду. ХIунда гIерта шу
паччахь юха цIа валочу хенахь тIаьххьарнаш
хила?“ [13] Iамасаига а дIаала: „Хьо сан гергара вуй
те? Дала, Шен лааме хьаьжжина, луьра таIзар
дойла суна, аса хьо, дерриг а эскарна тIехь хьаькам
а вина, сайна улло, Йоабан метта, гуттаренна а дIа
ца хIоттавахь!“»
[14] Цо берриг а яхIудхойн дегнаш шегахьа
дерзийра. Цара паччахь волчу хабар дахьийтира:
«Юхаверза хьо а, хьан массо ялхой а», – аьлла.
[15] Паччахь юхавирзира. Иза Йордан-хи долчу
схьавеара. Массо а яхIудхой Галгал-гIала
схьабаьхкира, паччахьна дуьхьал а бахана, иза
Йордан-хил сехьаваккха. [16] †Бахьрумара бен-
яманхо волу Герин кIант ШамаIи а сихвелира
яхIудхошца цхьаьна Дауд-паччахьна дуьхьалваха.
[17] Цуьнца цхьаьна вара цхьа эзар бен-яманхо а,
иштта Шаулан цIийнах волу ялхо Цуба а, шен
пхийтта кIант а, ткъа лай а. Паччахь схьакхачале,
уьш Йордан-хи долчу схьабаьхкира. [18] Уьш хил
дехьа буьйлура, паччахьан доьзал
дехьабаккхархьама а, паччахьна мел лууш дерг
дархьама а.

## ШамаIис Дауде шена къинтIеравалар доьху

Йордан-хил дехьа ваьллачул тIаьхьа, Герин кIант
ШамаIи паччахьна хьалха охьавуьйжира. [19] Цо
Дауде элира: «Хьо Ярушалаймера араволучу хенахь
соьгара даьллачунна гечдехьа суна, сан паччахь
волу эла! И хIума хьайн даг чохь ма латтадахьара
ахьа. [20] Хьан лай волчунна хаьа, ша къа
латийнийла. Цундела тахана Юсупан цIийнах
болчарна юкъара со уггар хьалха веана сайн
паччахь волчу элана дуьхьал».
[21] Царуятан кIанта Абушайс элира: «Везачу Эло
къобалвинчунна неIалташ кхайкхийна волу
ШамаIи вуьйр вац ткъа?»
[22] ТIаккха Дауда элира: «ХIун дан деза аса шуна,
Царуятан кIентий? Суна дуьхьалбевлла болу нах
санна хилла шу хIинца. Муха воккхур ву тахана,
милла а иза велахь а, цуьнан дахарх? Тахана суна
гуш ма ду, со Исраилан халкъан паччахь хилар».
[23] Паччахьо ШамаIига элира: «Хьо лийр вац!» Дауда
цу тIехь чIагIо йира.

## Мапи-Бошат паччахь волчу воьду

[24] ††Шаулан кIентан кIант Мапи-Бошат паччахьна
дуьхьал аравелира. Мапи-Бошата шен когаш а ца
буьлура, маж а ца йошура, тIера хIума а ца
цIанйора, паччахь, Ярушалаймера ара а ваьлла,

† *19:16 Дауд 16:5-13.* †† *19:24 Дауд 9:1-13; 16:1-4.*

иза машарца юхавирзина де тIекхаччалц. [25] Мапи-
Бошат, Ярушалаймера ара а ваьлла, шена
дуьхьалвогIуш гича, паччахьо цуьнга хьаьттира:
«Мапи-Бошат, хьо соьца хIунда ца веара?»
[26] Мапи-Бошата жоп делира: «Сан паччахь волу
эла, сан ялхочо со левина. Аса цуьнга элира: „Сан
вирана тIе нуьйр тилла. Цунна тIе а хиъна,
паччахьца ваха воллу со“, хьан лай волу со астагIа
волу дела. [27] Ткъа хьан лай волчух лаьцна харцдерг
дийцира цо сан паччахь волчу эле. Амма сан
паччахь волу эла Делан *малик* санна ву. Хьайна
нийса хеттарг де. [28] Хьайна лиънехь, ахьа сан ден
доьзал хIаллакбина хир бара, амма ахьа хьан лай
волу со хьайца яа хIума юуш болчаьрца
охьахаийра. Сан бакъо яц паччахье цхьа а хIума
бахьана долуш гIо доьхуш кхайкха».
[29] Паччахьо цуьнга элира: «Ма дийца соьга иза
кхин! Суна лаьа ахьий, Цубассий шаьшшинна
юкъахь латта доькъийла».
[30] Амма Мапи-Бошата паччахьна жоп делира:
«Сан паччахь волу эла паргIат цIа вирзичхьана,
дерриге а латта Цубас шена дIаэцахьара».

### Дауда Барзалай ша волчу дIавоьху

[31] †ГалIадхо волу Барзалай РогIлаймара
схьавеанера, паччахьца Йордан-хил дехьа а
ваьлла, иза цигара новкъа ваккхархьама.
[32] Барзалай чIогIа къена вара. Цуьнан дезткъа шо
хан яра. Дауд Махьанаймехь волчу хенахь цо массо
а хIума латтадора цунна, ша вехаш стаг хиларе
терра. [33] Паччахьо Барзалайга элира: «Вало соьца.
Ярушалаймехь аса массо а хьуна оьшуш долу хIума
латтор ду».
[34] Амма Барзалайс паччахье элира: «Сан
паччахьца Ярушалайме ваха йиш яц, кIезиг хан ю
суна йиснарг. [35] Сан хIинца дезткъа шо ду.
Дахарехь кхин хIумма а дац сан самукъадала? Хьан
лай волчу соьга юучу хIуманан чам къасталур буй?
Хезар дуй ткъа суна эшарш локхуш болчеран
аьзнаш? Со муха гIертар ву сан паччахь волчу
элана новкъа? [36] Со кхин а жимма сайн паччахьца
цхьаьна Йорданал дехьа дIавогIур ву. Паччахьо
суна хIунда кхачийтина те оццул йоккха ял? [37] Хьан
лай волчунна ша винчу гIалахь, шен ден-ненан
къуббан уллохь вала луур дара, цундела юхаверза
пурба доьху аса. Сан кIант волу хьан лай КIамхIам
вогIур ву сан элаца цо боххучу дIа. Хьайна луъург
де ахьа цуьнца».
[38] ТIаккха паччахьо элира: «КIамхIам соьца
схьаваийта. Аса цуьнан дуьхьа хьуна луъург дийр
ду. Хьан дуьхьа а дийр ду аса хьан даго боххург».
[39] Дерриг а халкъ шайн паччахьца Йордан-хил
дехьа делира. Барзалайна оба а яьккхина, цо иза
декъалвира. Ткъа Барзалай шен цIа юхавирзира.

† *19:31 Дауд 17:27-29.*

### Исраилхой ЯхIуд-махкарчу халкъаца къийсало

[40] Паччахь Галгал-гIала дIавахара. Цуьнца
цхьаьна КIамхIам а вахара. ЯхIудан массо а халкъ
а, Исраилан халкъан ахдакъа а арадаьллера
паччахьна тIаьхьа. [41] Дукха хан ялале, исраилхоша,
паччахь волчу а баьхкина, цуьнга элира: «Тхан
вежарий болчу ЯхIудан халкъан божарша, хьо
лачкъа а вина, хьо а, хьоьца болу нах а Йордан-хил
дехьа хIунда баьхна?»
[42] ЯхIудан халкъан божарша исраилхошка жоп
делира: «Оха иза дина паччахь тхан гергара стаг
волу дела. И хIума бахьана долуш шу тхуна оьгIаза
стенна оьху? Оха цхьа а хIума диъний паччахьан?
Я цуьнгара совгIаташ схьаэцна?»
[43] Исраилхоша, яхIудхошна жоп луш, элира: «Тхан
паччахьца йозуш йолу бакъо шун чул уьттазза
дукха ю. Аша тхо юьхьIаьржачу хIиттийна. Паччахь
юхаверзарх лаьцна долу дош хьалхе оха дийцина
дацара ткъа?»
Амма яхIудхойн дош исраилхоша бохучу дешнел
чIогIа дара.

### ШебаIан карзахвалар

20 ††Дагахь а доцуш, цигахь цхьа Iеса стаг
нисвелла хилла. Иза бен-яманхо волчу
Бихрин кIант ШебаI хилла. Цо, коьман маIа а
лекхна, элира: «Даудаца болчаьрца вайн нах бац,
Юшайн кIант волчохь вайн дакъа а дац. Ва
Исраилан халкъ, вешан цIа дIасадовлий вай!»
[2] Массо а исраилхо, Даудах дIа а къаьстина, Бихрин
кIантана ШебаIана тIаьхьахIоьттира. Ткъа
Йорданна тIера Ярушалайме кхаччалц яхIудхой
шайн паччахьна уллохь севцира.
[3] ‡Дауд Ярушалаймехь долчу шен цIа веара. Цо,
шен цIа Iалашдеш йитина йолу итт *гIарбаш-зуда*
схьа а ялийна, цхьана цIа чохь охьахаийра, цIенна
гIарол а дойтуш. Дауда цу зударийн дола дойтура,
амма ша царах кхин ца кхийтира. Цу зударша
шаьш дуьнен чохь йоккхуш йолу хан бисина Iаш
болчу зударша санна яьккхира.
[4] Дауда Iамасаига элира: «Кхо де далале,
схьакхайкха со волчу яхIудхошка. Хьо а цигахь
хила». [5] Iамасаъ яхIудхошка кхайкха вахара, амма
паччахьо шена билгалъяьккхина йолу хан
тIехъялийтира цо. [6] ТIаккха Дауда Абушайга элира:
«ХIинца Бихрин кIанта ШебаIа Абушалама чул а
чIогIа зен дийр ду. Сан тIемалой схьа а эций, цунна
тIаьхьавала, чIагIйина йолу гIаланаш а карийна,
иза вайн бIаьргашна хьалхара къайлавалале».
[7] Йоабаца хилла болу нах а, кератхой а, палетхой ‡†
а, кхиболу майра тIемалой а Ярушалаймера
арабевлира, Бихрин кIант ШебаI схьалацархьама
цунна тIаьхьабаха. [8] Уьш ГавIонна уллорачу
боккхачу тIулга тIе кхаьчча, царна дуьхьал Iамасаъ

†† *20:1 Сулим 12:16; 2 Шерашкахь 10:16.* ‡ *20:3 Дауд 16:22.*
‡† *Кератхой, палетхой *– кхечу мехкашкара болу, паччахь ларвеш болу тIемалой.**

кхийтира. Йоабана тIехь тIемалочун духар дара,
гIодаюккъехь батта чохь кхозуш тур а дара. И
дуьхьалвогIучу хенахь тур батта чуьра араделира.
9 Йоаба Iамасаига элира: «Хьо могуш вуй те, сан
ваша?» Йоаба аьтту куьйгаца Iамасаан маж
схьалецира, цунна оба яккха дагахь. 10 Iамасаа
тидам ца бира Йоабан вукху куьйгахь доллучу
туьран. Йоаба, Iамасаан гайх тур чекх а даьккхина,
цуьнан чоко лаьтта арахийцира. Йоаба цунна кхин
куьг тIе ца даьхьира, хIунда аьлча Iамасаъ велла
Iуьллуш вара.
Цул тIаьхьа Йоаб а, цуьнан ваша Абушай а
Бихрин кIантана ШебаIана юха а тIаьхьавелира.
11 Йоабан цхьана бIаьхочо, Iамасаан докъа тIе а
хIоьттина, элира: «Йоабана тешаме а, Даудана
тIаьхьахIоьттина а мел верг хIинца Йоабана
тIаьхьахIотта веза!» 12 Ткъа Iамасаан дакъа некъа
юккъехь цIийлахь Iуьллуш дара. ТIаккха бIаьхочо,
тIех мел волу стаг а, цу докъан уллохь соьцуш шена
гича, Iамасаъ некъа тIера аренга дIа а такхийна,
цунна тIе цхьа бедар тесира. 13 Дакъа некъа тIера
дIадаьккхинчул тIаьхьа, дерриг а халкъ Йоабаца
цхьаьна Бихрин кIантана ШебаIана тIаьхьаделира.
14 Цул тIаьхьа ШебаI массо а Исраилан
тайпанашна юккъехула а, массо а берихойн †
лаьттахула а чекхвелира, ша Абал-Байт-МаIака
кхаччалц дIавоьдуш. Цу гIаланашкара бахархой,
вовшах а кхетий, цунна тIаьхьахIуьттура. 15 Йоаба,
шеца долчу эскарца схьа а веана, Абал-Байт-
МаIакана го бира. ГIалина гонах боьттинчу
тIулгийн пена хьалха латта доьхкира цара, цу
лаьттан баьрзнашна тIехула гIалин керта тIе довла
шайн аьтто хилийта. Йоабаца мел хилла волу стаг,
гIалин пена тIе хIума а етташ, иза бохо хIоьттира.
16 Цу гIалахь ехаш йолчу цхьана хьекъал долчу
зудчо, пена тIе а яьлла, мохь туьйхира: «ЛадогIа!
ЛадогIа соьга! Йоабе кхуза схьавола ала! Суна
цуьнца къамел дан лаьа». 17 Йоаб цо аьллачу метте
схьавеара. Зудчо цуьнга хаьттира: «Хьо вуй Йоаб?»
Цо жоп делира: «Ву».
ТIаккха зудчо элира: «Хьайн лай йолчуьнга
ладогIахьара ахьа».
Йоаба элира: «Со ладугIуш ву».
18 Зудчо элира: «Хьалха олуш хилла: „Шена цхьа
хIума хатта луучо Абал-гIалахь хатта“. Иштта
гIуллакхан сацам беш хилла. 19 Тхо Исраилан
халкъана юкъара машаре а, тешаме а болчу
бахархойх ду. Ткъа хьо Исраилан махкахь нана
санна йолу гIала хIаллакьян араваьлла ву. ХIунда
гIерта хьо Везачу Элан тIаьхье хIаллакьян?»
20 Йоаба жоп делира: «Соьгара и хIума дер дац
шуна! Аса шун гIала хIаллак а йийр яц, я йохор а
яц! 21 Иза иштта дац. Амма шун гIала Эпрайм-
лаьмнашкахь лаьттачу махкара Бихрин кIант
ШебаI кхаьчна. Цо шен паччахь волчу Даудана тIе
куьг даьхьна. Иза аша, схьа а лаций, соьга схьало.
ТIаккха со шун гIалина го бинчуьра дIавер ву
шуна».
Зудчо Йоабе элира: «Дика ду. Цуьнан корта гIалин
керта тIера хьо волчу охьакхуссур бу». 22 Цул
тIаьхьа и зуда дерриг а халкъе йистхилира, царна
шен хьекъале дешнаш дIахазош. ГIалин
бахархоша, Бихрин кIентан ШебаIан корта схьа а
баьккхина, Йоабана дIакхоьссира. ТIаккха Йоаба
шен коьман маIа лекхира. ГIалина го бина болу
эскархой шайн-шайн цIенош чу дIасабевлира.
Йоаб шен паччахь волчу Ярушалайме юхавирзира.

## Даудана уллохь болу нах

23 Йоаб дерриг а Исраилан эскаран хьаькам вара.
Ткъа ЯхIу-ЯдаIан кIант БенъяхIу кератхошний,
палетхошний тIехь куьйгалла дан хIоттийра.
24 Адунурам беза белхаш бойтучу нахана тIехь
куьйгалхо дIахIоттийра. Ахьлудан кIант ЯхIушапти
пачхьалкхан гIуллакхаш яздархо дIахIоттийра.
25 Шива йозанча вара. ЦIадуккъий, Абу-ЯтIаррий
динан дай бара. 26 Иштта Дауд волчохь *динан да*
вара яирхо волу Iира а.

## Дауд а, гавIонхой а

21 Дауда паччахьалла дечу заманчохь махкахь
тIекIел кхаа шарахь мацалла лаьттира. Дауда
Везачу Эле шен доIанна тIехь дийхира. Везачу Эло
цунна жоп делира: «Иза Шаул а, цуьнан къиза цIа а
бахьана долуш ду, цо гавIонхой байина дела», –
аьлла. 2 ТIаккха паччахьо, гавIонхой шена тIе а
кхайкхина, цаьрца къамел дира. (ГавIонхой
исраилхойх схьабевлла бацара, уьш эмархойх
тIаьхьадисинчу хIух бара. Исраилхоша дуй
биъннера, царна зулам дийр дац шаьш аьлла, амма
исраилхошна а, яхIудхошна а тIевирззина гIайгIа
беш волу Шаул уьш хIаллакбан гIерташ хиллера.)
3 Дауда гавIонхошка элира: «Аса шайн дуьхьа хIун
дича бакъахьара хета шуна? Шуна динчу
харцдолчун метта хIун дала деза, шуьга Везачу
Элан халкъ декъалдайтархьама?»
4 ГавIонхоша Дауде элира: «Шаулера а, цуьнан
тIаьхьенера а деши я дети ца оьшу тхуна.
Исраилхошна юкъара, тхуна лиъча а, цхьа а вен
бакъо яц тхан».
Дауда хаьттира: «Аса хIун дича бакъахь хетара
шуна?»
5 Цара паччахьна жоп делира: «Тхо хIаллакдан а,
тхан къам дерриг а Исраилан лаьтта тIера
дIадаккха а гIертара Шаул. 6 Схьало тхан кара
Шаулан тIаьхьенах волу ворхI стаг. Оха уьш Везачу
Элана хьалха Цо къобалвина волу Шаул
схьаваьлла йолчу ГебаI-гIалахь ирхъухкур бу».
Паччахьо элира: «Аса уьш шуьга дIалур бу».
7 ††Шаулан кIентан ЯхIунатин кIант волчу Мапи-
Бошатах къинхетам бира паччахьо, хIунда аьлча
Дауданий, ЯхIунатиний юкъахь Везачу Элана

† Iебархойн тептар тIехь: *берихойн. *Грекийн гочдар тIехь: *бихрихойн.*

†† 21:7 Шамъал 20:15-17; Дауд 9:1-7.

хьалхахь йина чIагIо хилла. 8 [†]Дауда цаьрга
Армунний, Мапи-Бошаттий дIавелира. Уьш бара
Шаулна АяхIун йоIа Рицпата бина болу кIентий. Цо
иштта Шаулан йоIа Мирабас вина волу пхи кIант а
дIавелира. Уьш бара Шаулан йоIа Махьуларчу
Барзалайн кIантана Iадриалана бина. 9 Цо уьш
гавIонхойн кара дIабелира, ткъа цара уьш Везачу
Элана хьалха гу тIехь ирхъоьхкира. Уьш ворххIе а
цхьаьна велира. Ялта чудерзочу хьалхарчу
деношкахь белла дIабевлира уьш.
10 АяхIун йоIа Рицпата, Iаьржа шаршу схьа а эцна,
иза тIулга тIе дIаяржийра. Ялта чуоьцучу хенахь
дуьйна, чIогIа догIанаш декъашна тIе доладаллалц,
дийнахь а, буса а цигахь Iийра иза. Цо я стигалахь
лелаш долу олхазарш а, я лаьттахь лелаш йолу
акхарой а церан декъашна тIе ца кховдуьйтура.
11 Шаулан *гIарбаш-зуда* хилла йолчу АяхIун йоIа
Рицпата динарг Дауде дIадийцича, 12 [††]Дауда, ваха а
вахана, ГалIадан Явешера бахархошкара Шаулан а,
цуьнан кIентан ЯхIунатин а даьIахкаш схьаийцира.
(Цара уьш Байт-Шанарчу майданара къайлаха
схьаэцна хилла, Шаул а, цуьнан кIант ЯхIуната а,
пIелаштамхоша ГилбаIахь вен а вийна,
ирхъоьхкинчуьра.) 13 Цигара Шаулан а, цуьнан
кIентан ЯхIунатин а даьIахкаш, схьа а гулйина,
схьаяийтира Дауда. Иштта ирхъоьллина хиллачу
ворххIе а стеган даьIахкаш а схьагулъяйтира цо.
14 Шаулан а, цуьнан кIентан ЯхIунатин а даьIахкаш
дIайоьхкира бен-яманхойн лаьтта тIехь йолчу
ЦелаI-гIаларчу Шаулан ден Къушин къуббан чохь.
Паччахьо тIе мел диллинарг деш дIахIоьттира
халкъ. Цул тIаьхьа наха махкана тIера динчу
доIанаша Делан дог дашийра.

### ПIелаштамхошца хилла тIемаш
(1 Шерашкахь 20:4-8)

15 ПIелаштамхошний, исраилхошний юкъахь юха
а тIом дIаболабелира. Дауд, шен эскархошца ара а
ваьлла, тIом бан волавелира, амма иза сихха
кIадвелира. 16 Турпалш болчу репахойн гаранах
волчу Ишби-Банубан *гоьмукъ* хилла, цIестан йолу
юьхьиг кхо бIе шекхалал еза а йолуш [‡]. Цуьнан
керла тур а хилла. Ишби-Бануб Дауд вен гIерташ
хилла. 17 [‡†]Амма Цаpуятан кIанта Абушайс
кIелхьарваьккхира Дауд. Цо пIелаштамхо, тоьхна,
вийра. Даудаца хиллачу наха чIагIо йира. Цара
элира: «Кхин цкъа а тхоьца тIаме аравер вац хьо,
Исраилан махкахь богуш болу чиркх дIа ца
байтархьама».
18 Гоба-гIалахь кхин а тIом хилира
пIелаштамхошца. Цигахь хьушатхо волчу Субахис
турпалш болчу репахойн гаранах волу Сапа вийра.
19 Кхин а цхьа тIом хилира пIелаштамхошца
Гобахь. Цигахь Байтлахамарчу ЯIар-Орагайман
кIанта Элхьанана гатихо волу ГIолиат вийра.
Гатихочун гоьмукъа тIера гIаж кIадидархочо болх
бечу хенахь лелош йолу еха гIаж санна яра.
20 Гати-гIалахь кхин а хилира тIом. Цигахь цхьа
инзаре лекха стаг вара. Цуьнан куьйгийн а, когийн
а ялх-ялх пIелг бара. Уьш берриш а ткъе биъ пIелг
бара. И стаг а турпалш болчу репахойх схьаваьлла
вара. 21 Иза, исраилхойх лаьцна вон бага етташ,
луьйш вара. И репахо Даудан вешин ШамаIин
кIанта ЯхIунатас вийра.
22 И виъ стаг Гати-гIаларчу турпалхойн гаранах
вара. Уьш Даудан а, цуьнан эскархойн а карах
белира.

### Даудан хастаман назма
(Забур 17)

22 ХIара назма Дауда Везачу Элана олура, Цо
ша массо а мостагIийн а, Шаулан карара а
кIелхьарваьккхинчу дийнахь. 2 Цо элира:
«Веза Эла – сан *тарх*, сан чIагIо,
со КIелхьарваккхархо ву.
3 Иза сан Дела а, сан Тарх а ю,
Цуьнга ас со ларвойту.
Иза сан *турс* а,
сан кIелхьарвалаpан ницкъ а бу,
Иза сан КIелхьарваккхархо ву,
луьрачу мостагIех со кIелхьарваьккхи Цо!
4 Шена хастам бан хьакъ долуш волчу
Везачу Эле Аса ма кхойкху,
Цо со сан мостагIех кIелхьарвоккху.
5 Iожаллин тулгIенаш яра суна гонах хьийзаш.
Дохаран Iовраша со вара дурс дIахьош.
6 Эхартан зIенаш хьаьрчинера сох,
Iожаллин бой яра суна хьалха.
7 Сайна бохам баьллачу дийнахь Везачу Эле орца
даьккхира аса.
Сайн Деле гIо доьхуш кхайкхира со.
Шен цIа чохь Цунна сан аз дIахезира.
Сан мохь Цуьнан лере кхечира.
8 Латта дега а дира, ласта а лестира.
стигалийн баххаш меттах а девлира,
дега а дира, Дела оьгIазвахана дела.
9 Цуьнан мерIуьргаш чуьра кIур арабийла
болабелира,
доллу хIума дIакхоллуш йолу цIе Цуьнан багара а
елира.
догуш долу кIегий охьаэгара цу чуьра.
10 Стигалш дIаса а теттина, Иза охьавоьссира,
Цуьнан когаш бухахь Iаьржа мархаш яра.
11 *Каруб-маликашна* тIе а хиъна, тIемавелира Иза,
механ тIемаш тIехь охьавоьссира Иза.
12 Цо бода, Шена гонах долу четар санна, бира,
хIаваэрачу Iаьржачу мархех
къайлаволу меттиг Шена йира.
13 Цунна хьалхара дукха къегаш хиларна,
догуш, кIегий серладуьйлира.
14 Стигалара, иза къекъаш, Везачу Эло гIовгIа
яьккхира!
Веза Воккхачо Шен аз хазийтира.

† 21:8 Шамъал 18:19. †† 21:12 Шамъал 31:8-13. ‡ *Кхо бIе шекхал *– иза кхоъ ах кийланан барамехь ю.** ‡† *21:17 Сулим 11:36; Забур 131:17.*

15 Шен пхерчий а кхиссина,
Цо мостагIий дIасалаьхкира,
дукха ткъес а хьажийна,
Цо уьш ма дарбира.
16 Цуьнан оьгIазе аз дIахезча,
Цуьнан мерIуьргашкахула хIо арадаьлча,
хIордийн баххаш гучудевлира,
дуьненан бух схьабеллабелира.
17 Везачу Эло лакхаллера,
Шен куьйгаш схьа а кховдийна,
со кIоргачу хи чуьра схьаваьккхира.
18 Доьналла долчу сан мостагIийн куьйга кIелара
Цо со схьаваьккхира,
сол ницкъ болчу, со ца везаш болчу мостагIех
кIелхьара а ваьккхира.
19 Сан де эшначу дийнахь сан мостагIий суна
дуьхьалбевллера,
амма Веза Эла суна гIортор хилла дIахIоьттира.
20 Кхераме йоцучу метте Цо араваьккхира со,
Ша суна реза хиларна, кIелхьарваьккхира со.
21 Со нийса леларе хьаьжжина, Везачу Эло суна
дика делла.
Сан куьйгаш цIена хиларе терра Цо суна кхаъ
белла.
22 Везачу Эло сайна гайтина некъаш аса лар а
дора,
сайн Делера дIа ца верзалуш, со Iеса ца лелара.
23 Цуьнан дерриг а тIедехкинарш суна хьалха
дара,
Цуьнан парзашна тIера со дIа а ца волура.
24 Цунна хьалха со цIена хилла,
къинош латорах ларлуш а хилла.
25 Со нийса леларе хьаьжжина, Везачу Эло суна
кхаъ белла,
Цуьнан бIаьргашкахь сан куьйгаш цIена долу
дела.
26 Хьайца тешаме волчуьнца тешаме хуьлу Хьо,
кхоччуш леллачу майрачуьнца кхоччуш хуьлу
Хьо.
27 ЦIена волчуьнца цIена хуьлу Хьо,
ткъа мекара волчуьнца –
цуьнан мекара хиларе хьаьжжина хуьлу.
28 Мисканаш Ахьа кIелхьарбоху,
цабашарца хьоьжурш Хьайн хьажарца
охьатаIабо Ахьа.
29 Веза Эла! Хьо – сан чиркх бу.
Ахьа сан бода серлабоккху.
30 Хьоьца со хилча, аса эскар а эшадо,
сайн Делаца со пенал дехьа а вуьйлу.
31 Дела – Цуьнан некъ кхоччуш бу!
Везачу Элан дош ма цIена ду!
Цуьнга шаьш лардойтучу массарна а
Иза турс санна хилла дIахIоьттира.
32 Мила ву ткъа Дела, Веза Эла воцург?
Мила ву ткъа тарх, вайн Дела воцург?
33 Дала суна берриг ницкъ а ло,
ткъа Цо сан некъ нийса а бо
34 Сан когаш сен когех тарбо Цо,
лакхаллашкахь со чIогIа лоттуьйту.
35 Сан куьйгаш Цо тIом бан а Iамадо,
сан хIинца цIестан Iад дула а тарло.
36 Со кIелхьарвоккху турс Ахь суна делира,
Хьан гIоьно со тIех воккха вира.
37 Ахьа соьга ког шуьйра боккхуьйтура,
цундела сан хьакхолгаш гал ца йолура.
38 Сайн мостагIашна тIаьхьа а ваьлла, со ведда
леллера,
уьш хIаллак а беш, уьш байалц юха а ца вирзира.
39 Аса уьш, хIаллак а бина, байа а байина,
уьш сан когашна хьалха охьаэггалц.
40 Ахьа суна тIом бан ницкъ а белла,
суна дуьхьалбевлларш сан когашка охьа а
бехкина.
41 Ахь дIабовдийтинчу сан мостагIийн баккъаш
суна гина,
цундела аса со цавезнарш хIаллакбина.
42 Цара шаьш кIелхьардаха бохуш орца дохура,
амма уьш кIелхьарбаха стаг вацара.
Цара Везачу Эле кхойкхура,
амма Цо жоп ца лора.
43 Чан санна, кегийра дакъош дора Аса царах,
арара хатт санна, тIе когаш а бетташ, хьуьйра ас
уьш.
44 Ахьа суна дуьхьалдаьллачу сан халкъах
кIелхьарваьккхина со.
Со дийна витина Ахьа, къаьмнашна тIехь
куьйгалла дайта.
Суна девзаш ца хилла долу адамаш суна гIуллакх
деш лелаш ду.
45 Кхечу мехкашкара нах суна хьесталуш бу,
со ву аьлла ма-хеззина, суна муьтIахь хуьлий,
дIахIуьтту уьш.
46 Шайн даг чохь лаьттачу кхерамо гIора
дIадаьккхина церан,
цундела уьш бегош, шайн чIагIонан
меттигашкара арабуьйлура.
47 Дийна ву Веза Эла! Декъала хуьлда сан Тарх!
Веза воккха хуьлда сан чIагIо волу, со
кIелхьарвоккху Дела.
48 Дела ву сох бекхам бийриг а,
халкъаш суна муьтIахь дийриг а,
49 сан мостагIех со кIелхьарвоккхург а!
Суна дуьхьалбевллачарна тIехь Ахьа соьга толам
баккхийтира.
Къизачу нахах Ахь со кIелхьарваьккхира.
50 Цундела кхечу къаьмнашна юкъахь
Аса Хьуна хастамаш бийр бу,
ва Веза Эла, иллешкахь Хьан цIе хестор а ю.
51 Везачу Эло шен паччахьна баккхий толамаш ло.
Иза массо а ханна тешаме хир ву Ша
къобалвинчунна,
Даудана а, цуьнан тIаьхьенна а».

### Даудан тIаьххьара дешнаш

23 ХIорш ду Даудан тIаьххьара дешнаш:
«Иштта олу Юшайн кIант волчу Дауда,

иштта олу Дала вазвина волчу стага.
Якъубан Дала паччахь хила къобалвинарг а,
Исраилан халкъан хаза назманаш олург а ву иза.
2 Везачу Элан са а ду суна чохь,
Цуьнан дош а ду сан метта тIехь.
3 Исраилан халкъан Дала дийцинера,
Исраилан халкъан Тархо соьга аьллера:
„Нийсонца нахана тIехь олалла дийриг,
Делах а кхоьруш, олалла дийриг,
4 малх хьалаболучу Iуьйренан нур санна,
марха йоцучу Iуьйренан нур санна,
лаьттара сийна буц хьалайолуьйтуш йолу
догIа сецча хуьлу серло санна ю".
5 Сан тIаьхьенца вац ткъа Дела?
Дала соьца массо а ханна болу барт бина,
цуьнан чIагIо йохор а яц, хийцалур а яц.
Суна мел гIо деш дерг а,
суна мел лууш дерг а,
хуьлуьйтур дац ткъа Цо?
6 Ткъа Iеса нах хир бу, дIакхуссуш долу кIохцалш санна,
цхьаммо а куьйгаца схьаоьцуш доцу.
7 Царах дIахьакхавала лууш волчо,
шен кара эчиг я гоьмукъан дечиг схьаоьцу.
И кIохцалш шаьш долччохь цо дагадо».

### Даудан уггар майра тIемалой

(1 Шерашкахь 11:10-41)

8 ХIорш ю Даудан майрачу тIемалойн цIерш:
тахьикманхо волу Яшуб-Бушбат, иза майрачу
кхаанна юкъахь коьртаниг хилла. Цо, шен гоьмукъ
бархI бIе стагана дуьхьал а бахккхина, уьш цхьана
тIамехь эшийна.
9 Оцу кхаанна юкъара шолгIаниг ахьохьахо волчу
Додин кIант ЭлиIазар хилла. ПIелаштамхойх бийла
а буьйлуш, цаьрга тIаме тIекхойкхучу хенахь
Даудаца цхьаьна хиллачарах цхьаъ вара иза.
ПIелаштамхой цигахь тIом бан дагахь арабевлла
хилла, амма исраилхой юхабевлла. 10 ЭлиIазар
хилла цигахь, пIелаштамхошна дуьхьал а ваьлла,
тIом беш. Цо, шен куьг, кIад а делла, туьрана
тIелатталц, уьш байина. Везачу Эло боккха толам
белла исраилхошна цу дийнахь. ЭлиIазар толам
баьккхина ваьллачул тIаьхьа, тIемалой тIегулбелла
цунна. Царна беллачу нахана тIера бедарш
схьагулъяр бен кхин дан хIума ца диснера.
11 КхоалгIаниг хилла ХIарар-гIалара волу АгIин
кIант Шама. Лахьи цIе йолчу меттигехь, хьозийн
кхоьш дIайийначу кха тIехь, тIом бан схьагулбелла
пIелаштамхой. Цигара исраилхойн эскар
пIелаштамхойх дедда дIадахана. 12 Амма Шамас, цу
кха юккъехь дIа а хIоьттина, пIелаштамхой эша а
бина, и меттиг кIелхьаръяьккхина. Везачу Эло цу
дийнахь Исраилан халкъана боккха толам белла.
13 Ялта схьагулдечу цхьана дийнахь,
пIелаштамхой шайн меттаматтаца репахойн тогIи
чохь лаьтташ а болуш, ткъе итт баьччанех волу кхо
стаг Дауд волчу веана Iадулам олучу хьеха чу.
14 Дауд цу хенахь чIагIийинчу меттехь вара, ткъа
пIелаштамхойх цхьа эскаран тоба Байтлахам-
гIалахь хилла. 15 Хьагвелла волчу Дауда аьлла:
«Байтлахам-гIалин кевнера гIу чуьра мала хи хьан
дахьар дара те суна?» 16 ТIаккха майра кхо тIемало,
пIелаштамхойн меттаматтехула чекх а ваьлла,
Байтлахаман кевнехь йолчу гIу чуьра хи а эцна, иза
Даудана а дахьаш, схьавеара. Амма Даудана и хи
мала ца лиира. Цо и хи, сагIина а лерина, Везачу
Элана хьалха лаьтта охьадоьттира. 17 Дауда элира:
«Веза Эла, ца малало-кх соьга и хи. И хи дан бахана
болчу, шайн синош ца кхоийначу кху къонахийн
цIий санна дац иза?» Цундела ца лиира Даудана и
хи мала.
Иштта хьуьнаре гIуллакхаш дора цу майрачу кхаа
тIемалочо.
18 Йоабан ваша, Царуятан кIант волу Абушай, цу
ткъе итт тIемалочун коьртехь вара. Цо шен
гоьмукъаца кхо бIе стаг вийнера, цундела цу
кхааммо лоруш вара иза. 19 Цу кхаа турпалхочун
чул а чIогIа цIе яхана вара иза, церан хьаькам
хилла дIахIоьттина а вара, амма иза церан могIаре
вогIуш вацара.
20 ЯхIу-ЯдаIан кIант БенъяхIу а майра стаг хилла.
Иза ша Къабциал-юьртара вара. Цо шегара
даккхий хьуьнарш гайтинера. Цуьнан карах валар
хиллера муабахойн гIараваьллачу шина баьччанан
†. Иштта ло догIучу дийнахь, ор чу а ваьлла, лом
дийнера цо. 21 Кхин а цхьа чIогIа лекха волу
мисархо хилла цо вийна. Мисархочун карахь
гоьмукъ хилла, ткъа хIара карахь гIаж а йолуш,
дуьхьалваьлла цунна. БенъяхIус, мисархочуьнгара
гоьмукъ схьа а баьккхина, цуьнан шен гоьмукъ а
тоьхна, иза вийна. 22 И тайпа хьуьнаре гIуллакхаш
дина хилла ЯхIу-ЯдаIан кIанта БенъяхIус. Цундела
иза, важа кхо турпалхо санна, гIараваьлла вевзаш
вара. 23 Иза ткъе иттаннал чIогIа цIе яххана вара,
амма вукху кхаанца нислуш вацара. Дауда шен
хана юкъахь коьртаниг вина дIахIоттийра
БенъяхIу.
24 Коьрта ткъе итт тIемалочунна юкъабогIуш
бара:
Йоабан ваша IасахIал,
Байтлахам-гIалара Додин кIант Элхьанан,
25 хьародхой болу Шама а, Эликха а,
26 палтихо волу Хьелац,
такхоIхо волчу Iакхешан кIант Iира,
27 Iанатотхо Абу-Iезар,
хьушатхо Мубани,
28 ахьохьахо Цалмун,
натIупатхо Махьран,
29 натIупатхо волчу БаIнин кIант Хьалид,
бен-яманхойн ГебаI-гIалара Ребин кIант Ита,
30 пIарIатунхо БенъяхIу,
ГаIашан тогIешкара ХIиди,
31 Iарбатхо волу Абу-Iалбан,

† *ГIараваьллачу шина баьччанан *– я иштта: *Ариалан шина кIентан.**

бархьумхо волу Iазмават,
32 шаIалбанхо Элияхьба,
Яшанан кIентий,
ЯхIуната,
33 хIарархо ШамаI,
хIарархо волчу Шараран кIант Ахьиам,
34 маIхахочун Ахьасбин кIант Эли-Пулат,
гилохо волчу Ахьи-Тупалан кIант ЭлиIам,
35 кармалхо Хьецари,
арбахо волу ПаIра,
36 Цобарчу Натин кIант ИгIал,
гадахо волу Бани,
37 Iамминхо волу Цалакх,
Царуятан кIентан Йоабан герзлелорхо волу
бератхо Нахьрай,
38 итархо волу Iира,
итархо волу ГIараб,
39 хьетахо волу УрьяхIу.
Уьш массо а ткъе вуьрхIитта стаг вара.

### Дауда халкъ дагардар

(1 Шерашкахь 21:1-27)

24 Веза Эла юха а оьгIазвахара исраилхошна.
Цо Дауд исраилхошна дуьхьалваьккхира.
Дауда элира: «Даха а гIой, Исраил-махкахь а, ЯхIуд-
махкахь а долу халкъ дагарде». 2 Дауда шен
эскаран хьаькам волчу Йоабе элира: «Даха а гIой,
Дан-гIалара дуьйна Беар-ШабаIе кхаччалц долчу
массо а исраилхойн тайпанаш юкъахь долу халкъ
дагарде, суна уьш мел бу хаийта».
3 ТIаккха Йоаба паччахье элира: «Хьан Везачу
Дала халкъ кхин а бIозза алсамдоккхийла, сан эла
волчунна иза ган а гойла. Ткъа сан паччахь волчу
элана хIунда оьшу иза?» 4 Амма паччахьо аьллачу
дешнаша къера хилийтира Йоаб а, кхиболу тIеман
хьаькамаш а. Уьш, паччахьна уллора дIа а бахана,
Исраилан халкъ дагардан бахара.
5 Йордан-хил дехьа а бевлла, IаруIерахь севцира
уьш, тогIи чохь йолчу гIалина къилбехьа. Цу тIера
уьш Гадин тайпанан махкахула ЯIзир-гIала йолчу
дIабахара. 6 ТIаккха уьш ГалIада а, ТIахтайм-
Хьудшин а латтанашка дIабахара, уьш кхин а Дан-
ЯьIнехула чекхбевлира. ТIаккха уьш, го а
бьакккхина, ЦIадан йолчу бахара. 7 Иштта Цорарчу
гIопехула а, хьаьвихойн а, канаIанхойн а
гIаланашкахула а чекхбевлира. ТIаьххьара а ЯхIуд-
махкана къилбехьа Iуьллучу Беар-ШабаIе кхечира
уьш. 8 Массо а махкахула чекх а бевлла, исс буттий,
ткъа дей даьлча, уьш Ярушалайме кхечира. 9 Нах
багарбаран жамI паччахье дIаделира Йоаба: кара
тур а лаьцна, тIом балур болуш волу бархI бIе эзар
исраилхо хилар, ткъа яхIудхо – пхи бIе эзар стаг.
10 Ша халкъ дагардина ваьллачул тIаьхьа,
юьхьIаьржачу хIоттарна дог тохаделира Даудан.
Везачу Эле цо элира: «И хIума дар бахьана долуш
аса сайх доккха къа латийна. Веза Эла, Хьан лай
волчу суна гечдар доьху аса Хьоьга. ЧIогIа
хьекъале доцу хIума дина аса».
11 Вукху дийнахь Iуьйранна Дауд самаваьлча,
цуьнан Делера дерг гуш волчу Гада-пайхамаре
Везачу Элан дош кхечира. 12 Везачу Эло Гадига
элира: «Ваха а гIой, Дауде дIаала: „Везачу Эло боху:
‘Хьуна лерина кхо таIзар ду Сан. Царах хьайна
цхьаъ схьахаржа, иза Соьга кхочушдайта’“».
13 Гадас, Дауд волчу а веана, цуьнга элира: «ВорхI
шарахь † мацалла лаьттийла лаьа хьуна хьайн
махкахь, я кхаа баттахь хьайн мостагIех ведда лела
лаьа хьуна, я кхаа дийнахь хьан махкахь ун
хIуттийла лаьа хьуна? Ойла а яй, соьга хаам бе,
хIун ала аса со Ваийтинчуьнга?»
14 Дауда Гадига элира: «Соьгахь боккха бала бу!
Везачу Элан кара дIадалийтахьара тхо, Цуьнан
къинхетам боккха болу дела. Ткъа адамийн кара
тхо дIа ма далийтахьара». 15 Цу Iуьйранна дуьйна
схьа Ша йиллина йолу хан тIекхаччалц, Везачу Эло
исраилхошна ун тIехийцира. Дан-гIалара дуьйна
Беар-ШабаIе кхаччалц долчу латтанаш тIехь дехаш
долчу халкъа юкъара кхузткъе итт эзар стаг велира
и ун бахьана долуш. 16 Ярушалаймана тIе шен куьг
хьалаайира Малико, иза хIаллакьян дагахь, амма и
бохам хилла дохковаьлла волчу Везачу Эло адам
хIаллакдеш долчу малике элира: «Тоьар ду! ХIинца
охьадахийта хьайн куьг». Везачу Элан малик цу
хенахь явсайхо волчу Аравнин хьаьтта уллохь
дара.
17 Адам хIаллакдеш долу малик шена гича, Дауда
Везачу Эле элира: «Аса къа латийна! Сан бакъо
йоцург дина аса! Амма хIокху наха цхьа а вониг ца
дина. Уьш, уьстагIий санна, суна тIаьхьахIиттина
лелла. Цундела Хьан таIзар суна а, сан ден
доьзална а тIе доьрзийла».
18 Цу дийнахь Гадас, Дауд волчу а веана, цуьнга
элира: «Ваха а гIой, Везачу Элана сагIа доккхуш
йолу меттиг кечъе явсайхо волчу Аравнин
хьаьттахь». 19 Дауда Везачу Эло Гадигахула шега
аьлларг кхочушдира. 20 Аравнина ша волчу вогIуш
волу паччахь а, цуьнан ялхой а гира. Ара а ваьлла,
цо паччахьна хьалха лаьтта кхаччалц корта
охьатаIийра. 21 Аравнис хаьттира: «Сан паччахь
волу эла шен лай волчу хIунда веана те?»
Дауда жоп делира: «Со хьоьгара хьаьтта эца
веана, кхузахь, Везачу Элана сагIа доккхуш йолу
меттиг а кечйина, ун сацадайтархьама».
22 Аравнис Дауде элира: «СагIа даккха шайна
оьшуш мел долу хIума схьаэца. Дийнаташ дагоран
сагIина оьшуш долу стерчий а, дечиган метта
мекха а, стерчийн дукъ а кхузахь ду шуна. 23 И ша
мел ерг а ас хьуна дIало, паччахь!» Аравнис кхин а
цхьа хIума элира паччахье: «Хьан Веза Дела реза
хуьлда хьуна».
24 Амма паччахьо Аравнига элира: «ХIан-хIа!
Везачу Элана лерина долу сагIа маьхза даккха ца
лаьа суна. Аса цу лаьттах богIу мах хьуна дIалур
бу». Дауда хьаьтта а, стерчий а ийцира, цунах

† *Iебархойн тептар тIехь: *ворхI шарахь. *Грекийн гочдар тIехь: *кхаа шарахь.**

шовзткъе итт *шекхал* дети а делла. [25] Цигахь Дауда Везачу Элана лерина долу сагIа доккху меттиг кечйира. Цо цигахь дийнаташ дагоран а, бертан а сагIанаш а дехира. Везачу Эло цуьнан доIанна жоп делира, Исраилан халкъана тIера ун дIа а даьккхира.

# Сулим

## Дешхьалхе

тIехь кхидIа а дуьйцуш ду Исраилан пачхьалкхах лаьцна цIе йолчу хьалхарчу тептарш тIехь долийнарг. ХIара тептар кхаа декъе декъа тарло: 1) Исраил-махкана тIехь а, ЯхIуд-махкана тIехь а паччахь Сулим дIахIоттар а, цуьнан да Дауд дIакхалхар а (1-2 кортош). 2) Сулиман паччахьалла а, цо мел динарг а. Къаьсттина дуьйцуш ду Ярушалайм-гIалахь Делан цIа дIахIотторах лаьцна (3-11 кортош). 3) Исраилан къам шина декъе декъар, къилбаседера а, къилбера а пачхьалкхаш а йина, царна тIехь куьйгалла деш хиллачу паччахьех лаьцна дийцарш. И паччахьаш хилла, Iийса дуьнен тIе валале, уьссалгIачу бIешерашна тIекхаччалц (12-22 кортош).
кхоалгIачу а, доьалгIачу а тептарш тIехь хIора паччахьах лаьцна дуьйцуш ду, цуьнан Деле болчу тешаме хьаьжжина, ткъа къоман аьтто оцу тешаме хиларца доьзна хеташ ду. ЦIушна Iибадат даран а, лацадогIаран а тIаьхье – бохам бу. Зийча, къилбаседерчу пачхьалкхан массо а паччахьаша шаьш Далла тешаме цахилар гойту, ткъа ЯхIуд-мехкан паччахьех лаьцна аьлча, царах цхьаберш Далла тешаме бу, ткъа вуьш бац.
тIехь дукхазза Везачу Элан пайхамарех лаьцна дуьйцуш ду. Уьш Делан майра туркхаш ма бара, ткъа цара нахе дIахьедора, цIушна Iибадат а ма де, Деле ла ца дугIуш а ма хила бохуш. Эли-ЯхIу-пайхамар царах къаьсттинарг ву, ткъа цо БаIал-харцделан динан дайшна тIехь толам баккхарх долу дийцар (18-гIа корта) исбаьхьаниг ду.

### Дауд-паччахь къанвелла хан

1 Дауд-паччахь дикка къанвелла, хан тоьхна
стаг волуш, иза хIуъа дича а вох ца лора.
Паччахь вохвалийта ялхоша юргIанаш тосура
цунна тIе. [2] ТIаккха паччахьан уллорачара элира
цуьнга: «Оха къона йоIстаг лохур ю хьуна, цо хьан
гIайгIа бийр бу. Иза хьуна улло охьаюьжур ю,
тIаккха хьо вохлур ву».
[3] Берриг Исраил-махкахула чекхбовлуш, хаза йоI
лийхира цара паччахьна. ТIаккха АбишагI цIе йолу
шунамхо а карийна, иза паччахьна тIе ялийра
цара. [4] И йоI чIогIа хаза яра. Цо дика дола дора
паччахьан, амма паччахьо цунах куьг а ца
туьйхира.

### Адан-ЯхIус паччахьан меттиг къовсар

[5] †Кураваьллачу Хьагатан кIанта Адан-ЯхIус (иза
Дауд-паччахьан дийна бисинчех воккхаха волу
кIант вара) ша паччахь хир ву олура. Цо шена
гIудалкхаш а кечйира, дошлой а хаьржира,
шовзткъе итт сиха лела стаг а гулвира. [6] Дас цкъа а,
иза я важа хIунда леладо ахьа аьлла, ца хоттура
цуьнга. Адан-ЯхIу чIогIа хаза вара. Иза Абушаламал
тIаьхьа вина вара паччахьна. [7] Царуятан кIантах
Йоабах а, *динан да* волчу Абу-ЯтIарих а дагаволура
Адан-ЯхIу. Цара гIо а дора цунна. [8] Амма динан да
ЦIадукъа а, БенъяхIун кIант ЯхIу-ЯдаI а, Ната-
пайхамар а, ШамаIи а, РеIа а, Дауд-паччахьан
доьналла долу тIемалой а Адан-ЯхIугахьа бацара.
[9] Iейн-РегIал олучу шовданан йистехь, Зохьелат
олучу †† тIулгана уллохь, Дауд-паччахьан кIентий
болу шен берриге вежарий а, паччахьан кертахь
гIуллакх деш болу берриге яхIудхой а кхайккхина,
стерчий, уьстагIий, эсий дайира Адан-ЯхIус. [10] Ткъа
Ната-пайхамар а, паччахьан кертахь ха деш
болчеран хьаькам волу БенъяхIу а, важа майра
турпалхой а, иштта шен ваша Сулим а ца
кхайккхинера Адан-ЯхIус.

### Сулимах паччахь вар

[11] ‡ТIаккха Ната-пайхамаро Сулиман нене Бат-
ШабаIе элира: «Хьуна хезний Хьагатан кIант Адан-
ЯхIу паччахь хилла воллий а, ткъа вайн
олахочунна Дауд-паччахьна иза ца хаьий а? [12] Ткъа
хIинца ас хьехар дийр ду хьуна, хьайн а, хьайн
кIентан Сулиман а дахар ахьа муха кIелхьардаккха
деза аьлла. [13] Дауд-паччахьна тIе а гIой, ала цуьнга:
„Сан паччахь волу олахо, хьайн лай йолчу соьга
чIагIо еш, ахьа ца элира: ‘Хьан кIант Сулим хьол
тIаьхьа хьан метта, паччахь хилла, охьахуур ву

† *1:5 Дауд 3:4.*

†† *Зохьелат тIулг *– я иштта: *лаьхьанан тIулг.** ‡ *1:11 Дауд 12:24.*

аьлла? Ткъа хIинца Адан-ЯхIу хIунда хуьлуш ву
паччахь?’ [14] Ткъа хьо паччахье йистхуьлуш йоллучу
хенахь, со хьуна тIаьхxье чувер ву, ахьа
аьллачунна догIург тIе а тухуш“».
[15] Паччахь вуьжучу цIа чу елира Бат-ШабаI.
Паччахь чIогIа къена вара. Цунна оьшург деш
шунамхо йолу АбишагI яра цу чохь. [16] Бат-ШабаIа,
охьа а таьIна, корта охьабахийтира паччахьна
хьалха. Ткъа паччахьо элира: «Хьуна хIун оьшу?»
[17] Бат-ШабаIа жоп делира: «Сан олахо, сан
паччахь! Хьайн Далла хьалха хьайн лай йолчу суна
чIагIо ма йира ахьа, сан кIант Сулим хьайл тIаьхьа
паччахь хилла охьахуур ву аьлла. [18] Ткъа хIинца
Адан-ЯхIух паччахь хилла боху. Хьуна-м, сан
паччахь волу олахо, иза хаа а ма ца хаьа. [19] Дуккха
а стерчий а, эсий а, уьстагIий а дайина, массо а
хьан, паччахьан, береш а, динан да Абу-ЯтIари а,
тIемалойн хьаькам волу Йоаб а кхайкхина цо. Ткъа
хьан лай волу Сулим цо ца кхайкхина. [20] Сан
паччахь волу олахо, массо Исраилан халкъан
бIаьргаш хьуна тIе боьгIна бу, ахьа дIакхайкхоре
ладоьгIуш, сан паччахь волу олахо, хьан метта,
хьол тIаьхьа мила хир ву те бохуш. [21] ХIунда аьлча
сан паччахь волу олахо, дIа а кхелхина, шен дайх
дIакхетча, суна а, сан кIантана Сулимна а тIе бехк
божор бу».
[22] Бат-ШабаI паччахье йистхилла а ялале, Ната-
пайхамар схьавеара. [23] Паччахье хаам бира, Ната-
пайхамар веана аьлла. Паччахь волчу чу а ваьлла,
шен корта лаьтта кхаччалц охьатаIийра Ната-
пайхамаро. (Цу хенахь Бат-ШабаI чуьра араелира,
хIунда аьлча, шен гIуллакх дахьаш, паччахь волчу
цхьана стеган бен ван йиш яцара.) [24] Цо элира:
«Сан паччахь волу олахо! Аьллерий те ахь, хьайл
тIаьхьа паччахьалла а деш, хьайн метта Адан-ЯхIу
охьахуур ву аьлла? [25] ХIунда аьлча Адан-ЯхIус
тахана, ара а ваьлла, дуккха а стерчий а, эсий а,
уьстагIий а дайина. Берриге а паччахьан кIентий а,
тIемалойн хьаькамаш а †, динан да волу Абу-ЯтIари
а тIе а кхайкхина, Iаш ву иза. ХIинца уьш и волчохь
юуш а, молуш а бу. Цара боху: „Вехийла Адан-ЯхIу-
паччахь!“ [26] Ткъа хьан лай волу со а, динан да
ЦIадукъа а, ЯхIу-ЯдаIан кIант БенъяхIу а, хьан лай
Сулим а ца кхайкхина цо. [27] Сан паччахь волчу
олахочун лаамца хилла дуй те иза? Хьан лай волчу
соьга хIунда ца хаийтина те ахьа, мила хуур ву сан
паччахь волчу олахочул тIаьхьа цуьнан метта
паччахьалла дан?»
[28] ТIаккха Дауд-паччахьо элира: «Схьакхайкхал
суна тIе Бат-ШабаI». Иза, паччахь волчу а еана,
цунна хьалха дIахIоьттира. [29] ТIаккха жоп луш,
Дауд-паччахьо элира: «Сан массо а халчу баланех
со кIелхьарваьккхинчу, дийна волчу Везачу Элах
дуй боу ас, [30] Исраил халкъан Везачу Далла хьалха
айса хьуна чIагIо ма-ярра, хьан кIант Сулим,
паччахьалла а деш, сан метта охьахуур ву аьлла.
Иштта иза дийр а ду ас тахана».
[31] ТIаккха, корта лаьтта кхаччалц паччахьна
хьалха охьа а таIийна, Бат-ШабаIа элира: «Вехийла
сан паччахь волу олахо абаденналц!»
[32] Цул тIаьхьа Дауд-паччахьо элира: «Схьакхайкха
суна тIе динан да волу ЦIадукъа а, Ната-пайхамар
а, ЯхIу-ЯдаIан кIант БенъяхIу а».
Уьш паччахь волчу чубевлира.
[33] Паччахьо элира цаьрга: «Шайца сан уллоранаш
а эций, сан кIант Сулим, сан бIарзанна тIе а хаавай
††, Гихьон-шовданна йисте дIавига. [34] Цигахь динан
дас ЦIадукъас а, Ната-пайхамаро а Исраил-махкана
тIехь паччахьалла дан къобалвийр ву Сулим,
коьрта тIе даьтта а дуттуш. Цул тIаьхьа, уьстагIан
маIа а локхуьйтуш, дIакхайкхаде: „Вехийла Сулим-
паччахь!“ – аьлла. [35] И хIума шаьш дина девллачул
тIаьхьа юха схьавалаве иза. ТIаккха Сулим, схьа а
веана, сан, паччахьан, метте охьахуур ву. Цо сан
метта паччахьалла дийр ду. Исраилан халкъана а,
ЯхIудан халкъана а тIехь баьчча хила аьлла, весет
дина аса цуьнга».
[36] ЯхIу-ЯдаIан кIанта БенъяхIус, паччахье жоп
луш, элира: « *Амин*! Иштта олийла Везачу Эло, сан
паччахь волчу олахочун Дала. [37] Веза Эла сан
паччахь волчу олахочуьнца ма-хиллара, иштта
хуьлийла Иза Сулимца а, сан олахо волчу Даудан
паччахьаллел а, лакхадоккхийла Цо Сулиман
паччахьалла а».
[38] ТIаккха динан да волчу ЦIадукъас а, Ната-
пайхамаро а, ЯхIу-ЯдаIан кIанта БенъяхIус а,
кератхоша а, палетхоша ‡ а Сулим, Дауд-паччахьан
бIарзанна тIе а хаийна, Гихьон олучу шовдан йисте
вигира. [39] Цул тIаьхьа динан дас, деза четар чуьра
деза хьаькхар чохь долу маIа схьа а эцна, и хьакхар
Сулиман коьрта тIе доьттира ‡†. ТIаккха
зурманчаша коьман маIа лекхира. Дерриг халкъо,
аз айадеш, бохура: «Вехийла Сулим-паччахь!»
[40] Цул тIаьхьа дерриг а халкъ, зурманаш а лоькхуш,
Сулимна тIаьхьахIоьттира. Массо а халкъана и
хIума чIогIа хазахеттера. Церан маьхьарша дерриг
а латта дегадора.
[41] ХIума юучуьра севцича, Адан-ЯхIуна а, цо
кхайкхинчарна а и гIовгIанаш хезира. Ткъа коьман
маIан гIовгIа хезна волчу Йоаба элира: «И хIун
гIовгIа ю яьлларг? ХIун ду те гIалахь хилларг?» [42] Цо
и боххушехь, динан ден Абу-ЯтIарин кIант ЯхIуната
тIевеара. Ткъа Адан-ЯхIус цуьнга элира: «Чувала,
хьо хьанал стаг ву. Ахьа дика кхаъ беана хир бу».
[43] ТIаккха ЯхIунатас Адан-ЯхIуга жоп делира:
«ХIан-хIа. Дика кхаъ бац ас беанарг! Вайн олахочо
Дауд-паччахьо Сулим паччахь вина дIахIоттийна.
[44] Паччахьо динан да ЦIадукъа а, Ната-пайхамар а,
ЯхIу-ЯдаIан кIант БенъяхIу а, кератхой а, палетхой

† *ТIемалойн хьаькамаш *– цхьана тишачу гочдар тIехь дIаяздина ду: *сан эскаран хьаькам Йоаба.**

†† *Сан бIарзанна тIе а хаавай *– иза хилла цу хенахь паччахь хиларан билгало.**

‡ *Кератхой, палетхой *– кхечу мехкашкара болу, паччахь ларвеш болу тIемалой.**

‡† *И хьакхар Сулиман коьрта тIе доьттира *– и дарца Сулим паччахь хиларна къобалвар гойтура.**

а бахийтина, цара Сулим паччахьан бIарзанна тIе
хаийна. 45 ТIаккха Гихьон-шовданан йистехь динан
да волчу ЦIадукъас а, Ната-пайхамаро а Сулим
паччахь ван къобалвина. Цигара дIадоьдуш долу
халкъ чIогIа хазахетта ду, ерриг гIала а
меттахъяьлла. Цундела яьлла шуна хезаш йолу и
гIовгIа. 46 ХIинца паччахьан метта Сулим
охьахиъна. 47 Ткъа паччахьан уллорачара, вайн
олахо Дауд паччахь декъалвеш, элира: „Хьан Дала
Сулиман цIе хьан цIарал а сов язйойла, цуьнан
паччахьалла хьан паччахьаллел а
лакхадоккхийла“. ТIаккха Дауд-паччахь ша меттахь
волччохь охьатаьIира царна. 48 Дауд-паччахьо
иштта дешнаш элира: „Декъал ву Веза Эла,
Исраилан халкъан Дела, тахана сан кIант сан метта
паччахь хилла охьахууш суна гайтина волу!“»
49 ТIаккха Адан-ЯхIус кхайкхина берш, кхера а
белла, шайн-шайн цIа дIасабахара. 50 Ткъа Сулимах
кхоьруш волу Адан-ЯхIу, хьала а гIаьттина, вахана
сагIа доккхучу кхерчан маIех тасавелира †.
51 ТIаккха Сулимна тIе хабар кхачийра, Адан-ЯхIу
Сулим-паччахьах кхера а велла, и кхерч схьа а
лаьцна, лаьтташ ву аьлла. Цо доьху шена Сулим-
паччахьо чIагIо яр, шен лай Адан-ЯхIу тур тоьхна
цо вуьйр вац аьлла.
52 Ткъа Сулим-паччахьо элира: «Нагахь иза хIинца
дуьйна дог цIена стаг хилахь, цуьнан коьрта тIера
цхьа а чо лаьтта охьабожор бац, амма иза ямарта
хилахь, лийр ву». 53 ТIаккха Сулим-паччахьо, ялхой
а бахийтина, сагIа доккхучу кхерчан уллора
схьавалавайтира Адан-ЯхIу. Иза схьа а веана,
Сулим-паччахьна хьалха охьатаьIира. Ткъа Сулим-
паччахьо Адан-ЯхIуга элира: «Вало, хьайн цIа гIо».

### Дауд-паччахьо Сулимна бина хьехамаш

2 Дауд-паччахьан валаран хан тIееара. Шен
кIанте Сулиме весет а деш, цо элира: 2 «ХIинца
со, сан хене кхаьчна долу массо а адам санна, коша
вижа герга вахана. Ткъа хьо, чIагIлой, доьналла
долуш хилалахь. 3 Ахьа хьайн Везачу Делан
весеташ ларделахь, Цуьнан некъашца а лелаш,
Цуьнан хьехамаш а ларбеш, Цо
билгалдаьккхинарш а, Цуьнан омра а, Муса-
пайхамаран товрат тIехь яздина ма-хиллара,
кхочушделахь. ТIаккха хир ву хьо массо а хIуманна
тIехь кхиамаш болуш, ахьа хIуъа дахь а, миччахьа
хьо гIахь а, хьанна тIе хьо водахь а. 4 ТIаккха
кхочушдийр ду Дала Ша суна делла долу Шен дош.
Везачу Эло соьга аьлла: „Нагахь хьан тIаьхьено
доггах, шен доллучу синца Суна хьалха шайн
дахаран некъаш тешам хиларца лардахь, даим
хьан тIаьхьенах хир волчу цхьаццаммо
паччахьалла дийр ду Исраилан халкъана тIехь“».
5 ††Кхин а Дауд-паччахьо элира: «Хьуна дагадогIу-
кх, Царуятан кIанта Йоаба хIун дира суна? Цо
Исраилан халкъан эскаран ши хьаькам вийра. Уьш
бара Неран кIант Абунар, ИтIаран кIант Iамасаъ.
Маьршачу хенахь, тIамехь Iанош санна, цIий
Iанийра Йоаба церан. Цу шиннан цIийх дуьзира цо
шен гIодаюкъара доьхкий, шен когара мачашший.
6 ХIинца ахьа хьекъалца чекхдаккха и гIуллакх,
амма къеналлин Iожаллица ма валийта Йоаб.
7 ‡Ткъа галIадхо волчу Барзалайн кIентех
къинхетам бе, уьш хьайна тIе а озош, айхьа дола
дечарна юкъа а бохуьйтуш. Цара дика гIо дира
суна, хьан веших Абушаламах со кIелхьарволучу
хенахь.
8 ‡†Кхин а, диц ца долуьйтуш, дагалацалахь,
Бахьрум олучу меттигера бен-яманхочун Герин
кIант ШамаIи а ву хьуна. Со Махьанайм олучу
меттиге воьдучу хенахь, цо чIогIа сардамаш
доьхкира суна ‡‡. Иза Йордан-хин йистехь сайна
дуьхьал кхетча, аса Везачу Элах дуй биъnera, айса
тур тоьхна, иза вуьйр вац аьлла. 9 Ткъа хьуна
хьайна а хуур ду, хьо хьекъал долуш хиларе терра,
иза шен цIий Iанорца эхарте вахийтархьама айхьа
дан дезарг».

### Дауд-паччахь дIакхалхар

10 ТIаккха Дауд-паччахь, дIа а кхелхина, шен дайх
дIакхийтира. Иза Даудан гIалахь дIавоьллира.
11 ‡‡†Дауд-паччахьо Исраил-махкахь паччахьалла
дина йолу ерриге а хан шовзткъа шо яра: царах
Хьеврон-гIалахь ворхI шарахь, ткъа Ярушалайм-
гIалахь ткъе кхойтта шарахь. 12 ‡‡‡ТIаккха шен ден
Дауд-паччахьан метта Сулим паччахь хилла
охьахиира. Цуьнан паччахьалла дика чIагIделла
лаьттира.

### Адан-ЯхIун валар

13 Цхьана дийнахь Хьагатан кIант Адан-ЯхIу,
Сулиман нанна Бат-ШабаIна тIе а веана, цунна
хьалха охьатаьIира. Бат-ШабаIа хьаьттира цуьнга:
«Маршонца дуй те хьан вар?»
Адан-ЯхIус жоп делира: «Маршонца ду», – аьлла.
14 «Хьоьга деха цхьа хIума дара сан», – элира Адан-
ЯхIус.
«Деха хьайна», – элира Бат-ШабаIа.
15 ТIаккха Адан-ЯхIус элира: «Хьуна хаьа, и
паччахьалла суна догIуш дарий. Дерриг а
Исраилан халкъ соьга, хин волчу паччахье санна,
хьоьжуш Iаш дара. Амма хIара паччахьалла,
соьгара дIа а даьлла, сан вешина кхечи, хIунда
аьлча иза Везачу Элера кхаьчна дара цунна. 16 Ткъа
хIинца цхьа хIума доьху ас хьоьга, ахьа иза дIа ма
татталахь».
«Ала хьайна», – элира Бат-ШабаIа.

† *СагIа доккхучу кхерчан маIаш *– и маIаш схьалаьцна волу хIора а стаг ша верах кIелхьарволура.** †† *2:5 а: Дауд 3:27; б: Дауд 20:10.*

‡ *2:7 Дауд 17:27-29.* ‡† *2:8 Дауд 16:5-13; 19:16-23.* ‡‡ *Сардамаш *– цу заманахь Муса-пайхамаран тептарш тIехь болчу хьехамаша паччахьашна сардам боллар ца магадора.** ‡‡† *2:11 Дауд 5:4, 5; 1 Шерашкахь 3:4.* ‡‡‡ *2:12 1 Шерашкахь 29:23.*

[17] †ТӀаккха Адан-ЯхӀус элира: «Ас доьху хьоьга
Сулим-паччахье дехар дар, хӀунда аьлча цо ахьа
аьллачунна дуьхьало йийр яцара. Суна цуьнгара
шунамхо йолу АбишагӀ сайна йига пурба дезара».
[18] «Дика ду, – элира Бат-ШабаӀа, – хьан дуьхьа
доьхур ду ас паччахье».
[19] Иза а аьлла, Бат-ШабаӀ Сулим-паччахьна тӀе
яхара Адан-ЯхӀус аьлларг дӀадийца. Паччахь, хьала
а гӀаьттина, цунна хьалха охьа а таьӀна, шен
паччахьан гӀанта тӀе юха а охьахиира. Паччахьан
нанна Бат-ШабаӀна а деара гӀант, тӀаккха иза
паччахьна аьтту агӀор охьахиира. [20] Бат-ШабаӀа
элира: «Сан цхьа жима дехар дара хьоьга, кхочуш
ца деш ма дитахьара ахьа иза».
«Деха, сан нана, дуьхьало йийр яц ас хьан
дехарна», – элира Сулим-паччахьо.
[21] ТӀаккха нанас элира: «Шунамхо АбишагӀ хьайн
вешина Адан-ЯхӀуна зуда хилийта дӀалохьа».
[22] Сулим-паччахьо, шен нене жоп луш, элира:
«ХӀунда доьху ахьа Адан-ЯхӀуга шунамхо йолу
АбишагӀ яхийтар? ТӀаккха-м и ехна ца Ӏаш,
паччахьалла а дӀадалар хӀунда ца доьху ахьа
цунна. Иза сан воккхах волу ваша ма ву? Цунна и
ехарца *динан да* волчу Абу-ЯтӀарина а, Царуятан
кӀантана Йоабана а паччахьалла доьхуш ю хьо».
[23] ТӀаккха Сулим-паччахьо, Везачу Элах дуй бууш,
элира: «Дала, Шен лааме хьаьжжина, луьра таӀзар
дойла суна, и дешнаш Адан-ЯхӀус шен Ӏожаллина
ца аьллехь. [24] Везачу Эло со сайн ден Дауд-
паччахьан гӀанта тӀе охьахаийна. Ша делла долу
дош Цо кхочушдина, суна а, сан доьзална а
паччахьалла а делла. Цу дийна волчу Везачу Элах
чӀагӀо йо ас тахана Адан-ЯхӀу лийриг хиларх!»
[25] ТӀаккха Сулим-паччахьо ЯхӀу-ЯдаӀан кӀант
БенъяхӀу вахийтира иза вен. Цо Адан-ЯхӀу вийра.

### Абу-ЯтӀарина таӀзар дар а, Йоабан валар а

[26] ††Динан дега Абу-ЯтӀарига Сулим-паччахьо
элира: «Хьо вен хьакъ дара, амма хьайн лаьтта тӀе
Ӏанатот-гӀала ‡ дӀаваха могуьйту ас хьуна. Сан дас
хьегна болу баланаш а хьоьгуш, сан дена Даудана
хьалха вайн Хьалдолчу Элан деза тӀорказ ахь
лелийна дела, цкъа хӀинца ца воьйтуш вуьту ас
хьо». [27] ‡‡Динан да Абу-ЯтӀари Далла гӀуллакх деш
волчуьра дӀаваьккхира Сулим-паччахьо. Иштта
кхочушхилира Шилун олучу меттигехь Ӏелех а,
цуьнан тӀаьхьенах а аьлларг ‡‡.
[28] Сулим-паччахьо динчух лаьцна Йоабана а
хезира, хӀунда аьлча иза а вара Абушаламехьа а
воцуш, Адан-ЯхӀугахьа бевллачарна юкъахь.
ТӀаккха цо, ведда Везачу Элан Четар чу а ваьлла,
сагӀа доккхучу кхерчан маӀаш схьалецира. [29] Йоаб,
ведда вахана, Везачу Элан четар чохь, сагӀа
доккхучу кхерчан маӀаш а лаьцна, лаьтташ ву
аьлла, Сулим-паччахье дӀахаийтира. ТӀаккха Сулим-
паччахьо ЯхӀу-ЯдаӀан кӀант БенъяхӀу хьажийра
цига, – «ГӀой, Йоаб виэ», – аьлла. [30] БенъяхӀус,
Везачу Элан четарна чу а ваьлла, Йоабе элира:
«Паччахьо аравала боху хьоьга!»
Вукхо жоп делира: «ХӀан-хӀа, суна кхузахь вала
лаьа».
БенъяхӀус паччахье дӀадийцира Йоаба шега
аьлларг.
[31] ТӀаккха паччахьо БенъяхӀуга омра дира: «Цо
боххург дей, вен а вей, дӀаволла иза. Иштта со а,
сан ден тӀаьхье а паргӀатъер ю Йоабера баьллачу
бехках, хӀунда аьлча цо бехк боцучу нехан цӀий
Ӏанийна. [32] Сан дена Даудана ца хууш, шел дуккха
гӀоле а, дог цӀена а волу, цхьа а бехк боцу ши стаг,
тур тоьхна, вийнера цо. Уьш бара исраилхойн
эскаран хьаькам хилла волу Неран кӀант Абунар,
яхӀудхойн эскаран хьаькам хилла волу ИтӀаран
кӀант Ӏамасаъ. [33] Церан Ӏаьнна цӀий Йоабан коьрта
тӀе а, цуьнан тӀаьхьенна тӀе а дужийла абаденналц.
Ткъа Даудана а, цуьнан тӀаьхьенна а, цуьнан
цӀенна а, цуьнан паччахьаллина а Везачу Элера
маршо хуьлийла абаденналц!»
[34] ТӀаккха ЯхӀу-ЯдаӀан кӀанта БенъяхӀус вахана
Йоаб вийра. Иза шен цӀерачу яьссачу аренгахь
дӀавоьллира. [35] Цул тӀаьхьа ЯхӀу-ЯдаӀан кӀант
БенъяхӀу Йоабан метта эскаран хьаькам вахийтира
Сулим-паччахьо. Ткъа динан да волу ЦӀадукъа Абу-
ЯтӀарин метта *динан коьрта да* хӀоттийра цо.

### ШамаӀин валар

[36] ТӀаккха ШамаӀи схьавалаве аьлла, омра дира
Сулим-паччахьо. ШамаӀига Сулим-паччахьо элира:
«Хьайна Ярушалайм-гӀалахь цӀа а дай, кхузахь Ӏе,
кхузара цхьана а метте дӀаса а ма вала. [37] Нагахь
хьо, кху гӀалин чуьра ара а ваьлла, Кхидрун-хих
дехьа валахь, хьо вуьйр ву, ткъа иза хьан-хьайн
бехкенна а хир ду».
[38] ШамаӀис паччахье жоп делира: «Дика ду, сан
паччахь волу олахо, ахьа омра ма-дарра, иза
кхочушдийр ду хьан лай волчу аса». Иштта дикка
хан яллалц Ӏийра ШамаӀи Ярушалаймехь.
[39] Амма, кхо шо даьлча, ШамаӀин ши лай Гати-
гӀалин паччахь волу МаӀхин кӀант Ахаш волчу
ведда дӀавахнера. ТӀаккха ШамаӀига хаам бира,
хьан ши лай Гати-гӀалахь ву аьлла. [40] ШамаӀи,
гӀаьттина, шен вир а йоьжна, Гати-гӀала Ахаш
волчу шен ши лай схьалаха вахара. Иштта, и шен
ши лай а валош, Гати-гӀалара юхавирзира ШамаӀи.
[41] Ткъа Сулим-паччахьна тӀедаьхьнера, ШамаӀи,
Ярушалаймера Гати-гӀала а вахана, юхавирзина
аьлла. [42] Паччахьо, шен ялхошка ШамаӀи схьа а
валавайтина, элира цуьнга: «Везачу Элах дуй ца
биъннера аса, хьоьга дӀа а хоуьйтуш, нагахь хьо
миччанхьа а гӀала чуьра аравалахь, цу дийннахь
хьо лийр ву аьлла? Ткъа ахьа соьга: „Дика ду. Ахь
боххург дийр ду ас“, – элира. [43] Ас хьайга, Везачу
Элана хьалха дуй бууш, дина омра кхочуш хӀунда

† *2:17 Сулим 1:3, 4.* †† *2:26 а: Дауд 15:24; б: Шамъал 22:20-23.* ‡ *Ӏанатот-гӀала *– иза Ярушалайм-гӀалина гена йоццуш меттиг ю.** ‡† *2:27 Шамъал 2:27-36.* ‡‡ *Ӏелех... аьлларг *– Абу-ЯтӀари Ӏелин цӀийнах вара.**

ца дира ахьа?» 44 ТӀаккха паччахьо кхин а элира
ШамаӀига: «Хьуна а, хьан дагна а хаьа сан дена
Даудана айхьа дина вон. Ахьа йина хӀуьттаре хьайн
коьрта тӀе ерзайойла хьуна Везачу Эло! 45 Ткъа
Сулим-паччахь декъал хуьлийла! Даудан
тӀаьхьенан паччахьалла меттах ма долийла Везачу
Элана хьалха абаденналц!»
46 ТӀаккха ЯхӀу-ЯдаӀан кӀанте БенъяхӀуга Сулим-
паччахьо омра дира, ШамаӀи ве аьлла. Вукхо,
вахана, иза вийра. Иштта велира ШамаӀи.
Цу хенахь дуьйна Сулим-паччахьан паччахьалла
чӀагӀделла льтташ дара.

### Сулим-паччахьан доӀа

(2 Шерашкахь 1:3-12)

3 Мисар-мехкан паччахь волчу пирӀунца
гергарло тесира Сулим-паччахьо, цуьнан йоӀ
шена а ялийна. Шен паччахьан цӀа а, Везачу Элан
цӀа а, керт а, Ярушалайм-гӀалина гонах йолу тӀулган
керт а дӀахӀоттаяллалц, Даудан гӀала ялийра Сулим-
паччахьо пирӀунан йоӀ. 2 Везачу Элан цӀе язъян
лерина долу цӀа цкъа хӀинца а дина дӀахӀоттоза
дара, цундела халкъо цкъачунна гунаш тӀехь
доккхура сагӀа. 3 Шен дас Дауда шена ма-хьеххара,
дерриг а кхочушдеш, Везачу Эле шен болу безам
гойтура Сулим-паччахьо. Амма Сулим-паччахьо ша
а цкъа хӀинца Везачу Элана сагӀа дар а, *хаза хьожа
йогӀу хӀума* ягийтар а сагӀа доккхучу гунаш тӀехь
дора.
4 Иштта, шен ГавӀон цӀе йолчу гӀала вахара
Сулим-паччахь, цигахь сагӀа даккхархьама, сагӀа
даккхаран коьрта барз оцу гӀалахь льтташ болу
дела. Цигахь долчу сагӀа доккхучу кхерчан тӀехь
эзар дийнат дагоран сагӀа доккхура Сулим-
паччахьо. 5 ГавӀон-гӀалахь, Сулим-паччахь вижна
волуш, гӀенах Дела дуьхьалхӀоьттира цунна. «Деха
хьайна луъург», – элира Дала.
6 Ткъа Сулим-паччахьо жоп делира: «Хьайн лай
волу сан да Дауд Хьуна хьалха тешаме а,
бакъахьара а, дог цӀена а леларна, Ахь цунна
доккха дика дина. Цунна кӀант а велла, иза, хӀинца
долуш ма-дарра, цуьнан паччахьан гӀантана тӀе а
хаийна, Ахь цунна дина и доккха дика цунна тӀехь
битира Ахьа. 7 Ткъа хӀинца, сан Веза Дела, Хьайн
лай волу со дӀахӀоттийна Ахьа, паччахь а вина, сан
ден Даудан метта. Амма со хӀинца а бер санна ву.
Сан хӀинца а хьекъал ца кхочу, айса дан дезарг
кхочушдан. 8 Ахьа хаьржина долчу, дагардина ца
валлал дукха долчу Хьан халкъана юкъара Хьан
лай ву со. 9 Доьху Хьоьга, лохьа Хьайн лай волчу
суна хьекъалалла, Хьан халкъана юкъахь нийсаниг
лело а, кхелахо хила а. Ӏамавехьа со дика а, вон а
къасто. И хьекъал ца хилча, хӀокху Хьан оццул
дукха долчу халкъана тӀехь урхалла хьаьнга далур
ду?»
10 Сулим-паччахьо дехначунна резахилира Веза
Эла. 11 Дала элира цуьнга: «Ахьа хьайн дуьненахь
йоккху хан яхъяр а ца доьхуш, хьайна хьал
хилийтар а ца доьхуш, хьайн мостагӀийн синош
хӀаллакдар а ца доьхуш, хьайна хьекъал-кхетам
балар дехарна, кхел ечу хенахь нийса сацам
бархьама, 12 лур ду Ас хьуна ахьа доьххург. Ас лур
ду хьуна хьекъаллий, кхетаммий, кхин хьо саннарг
хьол хьалха цкъа а ца хиллачу тайпана а, кхин
хӀинца чул тӀаьхьа хьо саннарг хир а воцучу
тайпана а. 13 Ахьа ца дехнарг а лур ду Ас хьуна.
Алссам хьал а, сийлалла а лур ду Ас хьуна, хьо
велла дӀаваллалц, хьо санна паччахь кху
дуьненахь кхин хир воцучу тайпана. 14 Нагахь хьо
Сан некъашца а лелахь, Ас тӀедехкинарш а, Сан
весеташ а кхочушдеш хьо лелахь, хьан да Дауд ма-
леллара, Ас яхйийр ю хьан вахаран хан а».
15 Ша самаваьлча, Сулим кхийтира, иза гӀан
хиллий. ТӀаккха Ярушалайм-гӀала юха а вирзина,
Везачу Элаца бинчу бертан тӀорказна хьалха а
хӀоьттина, шен а, халкъан а сагӀа доккхучу
кхерчана тӀехь сагӀа даькхира Сулим-паччахьо.
Уьш дара дийнаташ дагоран а, бертан а сагӀанаш.
ТӀаккха доккха той хӀоттийра паччахьо шен массо а
ялхошна.

### Сулим-паччахьан хьекъалалла

16 Цкъа, Сулим-паччахьна тӀе а еана, цунна хьалха
дӀахӀоьттира нахаца лела ши зуда. 17 Цу шиннах
цхьаммо элира: «Сан олахо, со а, хӀара зуда а
цхьана цӀа чохь Ӏаш ю. ХӀара зуда а йолуш, аса оцу
цӀенна тӀехь бер динера. 18 Ас бер дина кхоалгӀачу
дийнахь хӀокху зудчун а бер хилира. Оцу цӀахь
тхойшиъ йоцург кхин цхьа а адам дацара. 19 Буса
хӀокху зудчун кӀант, хӀара цунна тӀетовжар бахьана
долуш, велира. 20 Ткъа буьйсанна, хьан лай йолчу
суна наб кхеттачул тӀаьхьа, сан кӀант дӀа а эцна, иза
шен некхана тӀе а виллина, шен велла волу кӀант
сан некхана тӀе виллина цо. 21 Ӏуьйранна, сайн
кӀант вакхо со хьалагӀаьттича, иза велла карийра
суна. Амма дикка цуьнга хьаьжча, иза аса вина
сайн кӀант воцийла а хиира суна».
22 ТӀаккха вукху зудчо элира: «ХӀан-хӀа, сан кӀант
дийнаниг ву, ткъа хьайниг велларг ву».
Ткъа дуьххьарлерчу зудчо бохура: «ХӀан-хӀа,
хьайниг ву велларг, дийнаниг сан кӀант ву».
Иштта паччахьна хьалха къуьйсуш яра и ши зуда.
23 ТӀаккха паччахьо элира: «Шу шиннах хӀораммо
а боху дийна долу бер шен ду, тӀаккха шух
хӀораммо а боху делларг шен бер дац. 24 Схьадал
суна тур», – элира паччахьо. Тур схьадеара
паччахьна. 25 «Вай хӀинца хӀара дийр ду, – элира
паччахьо, – и дийна долу бер хада а дай, ах а
даккхий, цунах ши дакъа де. ТӀаккха хӀора зудчунна
цхьацца дакъа дӀало».
26 ТӀаккха далаза бер долчу зудчун, шен кӀанте
болчу безамна а, цунах чӀогӀа къахетарна а, кийра
багийра. Оцу зудчо жоп делира: «Сан олахо! Ма
дейша и бер, иза дийна а долуш дӀалойша оцу
зудчунна».

Ткъа шолгIачу зудчо элира: «Я суна а, я цунна а
ма кхочийла и кIант. Вей, дIаваккха аша иза!»
27 ТIаккха, жоп луш, паччахьо элира: «И бер, ден а
ца дуьйш, хIокху зудчунна дIало аш. ХIара ю кху
кIентан нана!»
28 Паччахьо йинчу кхелах лаьцна Исраил-мехкан
дерриг а халкъана дIахезира. Цу хенахь дуьйна
наха Сулим-паччахь чIогIа лара а лорура, уьш
цунах оза а лора. ХIунда аьлча нахана гира,
бакъдолчуьнца паччахьалла лелорхьама, Дала
Сулим-паччахьна хьекъал деллийла.

### Сулим-паччахьан пачхьалкхехь хилла болу коьрта хьаькамаш

4 Цу тайпана, берриг а Исраил-махкана тIехь
паччахь хилира Сулимах. 2 Сулим-паччахьан го
иштта бара:
*динан да* волчу ЦIадукъин кIант Iазар-ЯхIу;
3 Шайшаан кIентий Элихьорап а, АхьъяхIу а – уьш
бара кехаташ яздархой;
Ахьлудан кIант ЯхIушапти, пачхьалкхан гIуллакхех
лаьцна яздархо;
4 ЯхIу-ЯдаIан кIант БенъяхIу, эскаран хьаькам
волу;
динан дай болу ЦIадукъа а, Абу-ЯтIари а;
5 Натин кIант Iазар-ЯхIу – иза мехкадайн куьйгалхо
вара;
Натин кIант Зубади – иза динан да а, паччахьан
юххера хьехамча а вара;
6 Ахьишар – иза паччахьан цIентIехь хьаькам
вара;
Iабдин кIант Адунурам, беза белхаш бойтучу
нахана тIехь куьйгалхо волу.
7 Берриг а Исраил-махкана тIехь Сулим-паччахьо
дIахIоттийна шийтта мехкада вара. Цара сурсаташ
дIакхачадора паччахьна а, цуьнан цIенна а. Царах
хIораммо а шеран цхьана баттана догIу сурсаташ
латто дезара. 8 Церан цIераш иштта яра:
лаьмнашкахь болчу Эпрайм-махкахь мехкада
волу Бен-Хьур.
9 Бен-Декъар вара Макхац, ШаIалбан, Байт-
Шамаш, Эйлон, Байт-Хьанан цIераш йолу гIаланаш
юкъайогIучу мехкан мехкада.
10 Бен-Хьесад вара Арубат олучу а, Соха а
гIаланийн а, Хьепар олучу берриг а мехкан
мехкада.
11 Бен-Абунадиб вара берриг Напат-Дор олучу
мехкан мехкада. Ткъа Сулим-паччахьан йоI ТIапат
цуьнан зуда яра.
12 Ахьлудан кIант БаIана вара ТаIнак а, МагIидда а
олучу гIаланийн а, берриг Байт-Шеан цIе йолчу
мехкан а (иза бара ИзраIал-гIалина лахахь йолчу
ЦIартан-гIалина юххехь), Байт-Шеан-махкара
дуьйна болалуш Абел-Мехьал а, ЯкхмаIам а олучу
гIаланашна тIекхаччалц болчу мехкийн да.
13 Бен-ГIебар вара ГалIадан Рамат-гIалин гонах
болчу мехкийн мехкада. Оцу мехкашна
юкъайогIура ГалIад-махкахь йолу Маннашан
кIентан Яиран ярташ. Иштта АргIаб цIе йолу
Башан-махкахь йолу меттиг а, цIестан гIораш
долуш, лекха керташ йолу кхузткъа йоккха гIала а
яра цу юкъайогIуш.
14 Iиддин кIант Ахьинадаб Махьанайм цIе йолчу
мехкан да вара.
15 Наптал-махкахь мехкада вара АхьимаIац. Цо
Сулим-паччахьан йоI Басамат йигнера шена.
16 Хьушайн кIант БаIана вара Ашар-мехкан а,
БеIалт-юьртан а мехкада.
17 Иссархан-мехкан да вара Парухьан кIант
ЯхIушапти.
18 Элан кIант ШамаIи Бен-Яман-мехкан мехкада
вара.
19 Эмархойн паччахьан Сихьонан а, Башан-мехкан
паччахьан IовгIин а хиллачу ГалIад-мехкан
мехкада вара Урин кIант ГIебар.
ЯхIуд-махка тIехь а цхьа мехкада хIоттийнера.

### Сулим-паччахьо олалла дечу хенахь хилла беркат

20 ЯхIуд-махкахь а, Исраил-махкахь а, хIордан
йистера гIум санна, алсамдаьлла дебнера халкъ. И
адамаш юуш, молуш, самукъадолуш дара. 21 †Эпрат-
хин тIера дIадоладелла пIелаштамхойн махкана
тIекхаччалц а, Мисар-мехкан дозане кхаччалц а
йолчу меттигашкарчу массо а паччахьна тIехь
олалла дора Сулим-паччахьо. Оцу пачхьалкхаша
Сулим-паччахь дIакхалхалц массо а тайпана
сурсаташ а, кхин долу хьал а латтадора, гIуллакх а
дора цунна.
22 Сулим-паччахьна а, паччахьан цIентIехь цунна
гIуллакх деш болчарна а, хIора дийнахь юучунна
оьшуш йолу хIума иштта яра: бIе шовзткъе итт
гали кIен дама а, кхо бIе гали кхин тайпана долу
дама а, 23 итт бустийна сту а, жа тIера цхьа бIе
уьстагI а. Уьш доцург кхин а сеш, масарш, лунаш,
дустийна зIакардаьхни а дара.
24 Сулим-паччахьан олаллехь дара Эпрат-хина
малхбузехьара агIор болчу Тапсахь-гIалара дуьйна
Iази-гIала кхаччалц долу мехкаш. Оцу Эпрат-хина
сехьа агIор долчу мехкашкара паччахьашна а тIехь
олалла деш вара Сулим-паччахь. Гонах долчу кхечу
дерриг а мехкашца а машарехь Iаш вара Сулим-
паччахь. 25 Иштта, ЯхIуд-мехкан а, Исраил-мехкан а
адамаш Дан-гIалара дуьйна Беар-ШабаI-гIала
кхаччалц хIора а шайн-шайн кемсийн а, инжир-
диттийн а IиндагIашкахь тийна-маьрша Iаш бара,
Сулим-паччахь дийна мел ву.
26 ††Йиъ эзар ‡ гIудалкх южу дойн керт а, шийтта
эзар дин ‡† а бара Сулим-паччахьан. 27 Цуьнан
шийтта мехкадас шеран шийтта беттан хIора
баттахь цхьаццаммо Сулим-паччахьна а, цуьнца
цхьаьна шуьне охьаховшуш болчарна а оьшшург
латтадора. Иштта, цара цхьа а хIума ца оьшуьйтура

† *4:21 Доладалар 15:18; 2 Шерашкахь 9:26.* †† *4:26 Сулим 10:26; 2 Шерашкахь 1:14; 9:25.* ‡ *Йиъ эзар *– иштта грекийн гочдаро олу. Iебархойн маттахь дIаяздина ду: *шовзткъа эзар.** ‡† *Шийтта эзар дин *– я иштта: *шийтта эзар дошло.**

цунна. 28 Говрашна а, кхин долу мохь тIе буьллу дийнаташна а оьшуш йолу йол а, мукх а хIораммо шайн-шайн рогIехь тIебахьара паччахьна ян езачу меттиге. 29 ХIордан йистера гIум йолччул боккха кхетам а, шортта хьекъалалла а деллера Дала Сулим-паччахьна. 30 Малхбалехьарчу дерриг а халкъийн а, берриг а Мисар-мехкан халкъан а хьекъалал а сов дара Сулим-паччахьан хьекъалалла. 31 †Иза массо адамал а хьекъалдолуш вара. Сулим-паччахьан хьекъалалла Iезарахьахо волчу Этанан а, Махьалан кIентий болчу ХIайманан а, Калкалан а, ДардаIан а хьекъалаллел а сов дара. Сулим-паччахьан цIеран сийлалла хьалаяьллера гонах долчу дерриг а халкъашна юкъахь. 32 ††Сулим-паччахьо кхо эзар кица а, цхьа эзар пхи илли а аьллера. 33 Цо дуьйцура диттех лаьцна хаза хIуманаш, Ливанун-махкахь долуш долчу баганан диттах лаьцна дIаволавелла, поппарца боьттинчу пенах схьаюьйлучу бецех лаьцна а олуш. Сулим-паччахьо дуьйцура дийнатех а, олхазарех а, текхаргех а, чIерех а лаьцна долу хIуманаш. 34 Сулим-паччахьан хьекъалаллех лаьцна хезначу дуьнен чуьра массо а паччахьаша хьажийна болу, массо а къаьмнех болу нах оьхура Сулим-паччахье ладогIа.

### Сулим-паччахьо Делан цIа дан а, керт ян а кечам бар

(2 Шерашкахь 2:1-18)

5 Цора-гIалин паччахь волу Хьирам Дауд-паччахь дийна волчу хенахь цуьнан доттагIа вара. Ткъа хIинца, Дауд-паччахьан метта цуьнан кIант Сулим паччахьалла дарна къобалвина аьлла, шена хезча, Хьирама шен геланчаш бахийтира цунна тIе. 2 ТIаккха Сулим-паччахьо уьш юхахьовсийра, Хьирам-паччахье ала дезарг дIа а олуш:

3 «Хьуна хууш ду, шен Везачу Делан цIе язъян лерина долу цIа дIахIоттадойла ца хилира сан ден Даудан. ХIунда аьлча цуьнан тIом бан дийзира гобаьккхина долчу халкъашца, Везачу Эло, толам а баккхийтина, мостагIий когаш кIел охьабаххкалц. 4 Ткъа хIинца сан Везачу Дала синтем белла суна массо а агIор. ХIинца бац я мостагIий, я кхин дуьхьало ян а хIумма дац. 5 ‡Иштта, хIинца сайн Везачу Делан цIе язъян лерина долу цIа дан сацам бира ас, Везачу Эло сан дега Дауде ма-аллара. Везачу Эло цуьнга аьллера: „Аса хьан метта паччахьан гIанта тIе охьахаор волчу хьан кIанта дIахIоттор ду Сан цIе язъян лерина долу цIа“. 6 Ткъа ахьа омра дехьа, Ливанун-махкара баганан дитташ суна хедадайта. Сан ялхоша хьан ялхошца цхьаьна болх бийр бу. Ткъа аса ахьа хIоттор боллу мах дIалур бу хьан ялхоша бийр болчу балхах, хIунда аьлча тхан бац шун цIаданхой санна болу дика дечиг-пхьераш».

7 Хьирам-паччахьо, шена Сулим-паччахьан и дешнаш хезча, чIогIа хаза а хетта, элира: «Баркалла ду Везачу Элана, Цо Даудана иштта хьекъал долуш кIант валарна, оцу сийлахьчу халкъана тIехь цуьнга олалла дайтархьама!» 8 ТIаккха Хьирам-паччахьо ялхой бахийтира Сулим-паччахье дIаала: «Аса ладуьйгIира ахьа дечу дехаре. И хьан диттех лаьцна болу лаам ас кхочушбийр бу. *Баганан* дитташ а, *зоьзан* дитташ а доуьйтур ду ас хьуна. 9 Сан ялхоша, Ливанун-махкара дIа а даьхьна, хIордана тIе дахьар ду уьш, цигара дIа ас бурамашца кхачадойтур ду уьш кхачо деззачу меттиге, цигахь тIекIел а дохкуш. ТIаккха аша уьш цигара схьаоьцур ду. Амма ахьа а кхочушбе сан лаам, сан цIенна оьшуш болу кхача боуьйтуш».

10 Иштта Хьирам-паччахьо, шега Сулим-паччахьо ма-деххара, баганан дечиг а, зоьзан дечиг а латтайора. 11 Ткъа Сулим-паччахьо бIе эзар гали кIа а, цхьа эзар биъ бIе *чами* тоьлла долу зайтдаьтта а дохьуьйтура хIора шарахь Хьирам-паччахьан цIахь мел волчунна. 12 Ша лур ду ма-аллара, Везачу Эло хьекъал деллера Сулим-паччахьна. Иштта машар бара Хьирам-паччахьна а, Сулим-паччахьна а юкъахь. Цара вовшашна юкъахь барт бира.

13 ТIаккха Сулим-паччахьо Исраил-мехкан дерриг а халкъана тIедожийра ткъе итт эзар стаг белхаш байта гулвар. 14 ‡†ТIаккха уьш хийца а хуьйцуш, итт-итт эзар хIора баттахь Ливанун-махка болх бан бохуьйтура. Цара цхьана баттахь болх бора, ткъа шина баттахь уьш цIахь Iара. Адунурама куьйгалла дора царна тIехь. 15 Кхин кхузткъе итт эзар стаг деза *кира* лелош а, везткъа эзар стаг лаьмнашкахь тIулг боккхуш а вара Сулим-паччахьан. 16 Уьш боцурш кхин а кхо эзар кхо бIе хьаькам вара оцу белхаш бечу нахана тIе хIоттийна, царна а, цара бечу балхана а тIехьожуш. 17 Даккхий деза тIулгаш доуьйтура Сулим-паччахьо, тIаккха уьш тIулган говзанчашка нисдойтура, Везачу Элан цIе язъян лерина долчу цIийнан бух боттийтархьама. 18 И дитташ а, тIулгаш а хьакха а хьоккхуш, кечдеш бара Сулим-паччахьан а, Хьирам-паччахьан а белхалой а, Гебал-гIалара пхьераш а. Кхаа шарахь кечдира цара уьш, *Делан цIа* дIахIотторхьама.

### Делан цIа дIахIоттор

6 Исраилан халкъ Мисар-махкара схьадирзина диъ бIе дезткъа шо даьлча, Везачу Элан цIа дан долийра Сулим-паччахьо. Иза дара Сулим Исраил-мехкан паччахь хIоьттина доьалгIа шо долуш, Зив олучу шеран шолгIачу баттахь. 2 Сулим-паччахьо Везачу Элан цIе язъян дечу цIийнан дахалла кхузткъа дол, шоралла ткъа дол, лакхалла ткъе итт дол барам бара. 3 ЦIенна хьалха йина уче яра. Иза цIийнан дохалле а, шоралле а терра ткъа дол еха а, итт дол шуьйра а яра. 4 ЦIенна чохь кораш динера, уьш, чекх са а гуш, шу а болуш, къевлина дара. 5 ЦIенна тIехиттина гIишлош йира.

† 4:31 *Забур 89:1.* †† 4:32 *Кицанаш 1:1; 10:1; 25:1; Илли 1:1.* ‡ 5:5 *Дауд 7:12, 13; 1 Шерашкахь 17:11, 12.*

‡† 5:14 *Сулим 12:18.*

Чухулара езачу чоьнна гонах а йолуш, агIонаш
тIехь гобаьккхина яра оцу гIишлойн чоьнаш.
ГIишлойн тIехиттина чоьнаш лакхалла тIекIелйина
яра, кхо *гIат* а долуш. 6 Хьалхарчу гIатан шоралла
пхи дол, шолгIачу гIатан ялх дол, ткъа кхоалгIачу
гIатан шоралла ворхI дол бара. Цу тIе хоьттина
йолчу гIишлона тIедехкина долу тIеш Везачу Элан
цIийнан оганна чу ца диссийнера. И тIеш оцу
тIехоьттиначу оганийн терхина тIедехкинера.
7 Везачу Элан цIа дечу хенахь, тIулгаш, льттах
шаьш схьадохучу меттехь кеч а дой, схьадахьара.
Белхалоша я жIов етташ, я диг тухуш, я кхин долу
эчиг вовшахдетташ татанаш ца дора и цIа дечу
меттигна уллохь. 8 Юккъерачу гIат † тIе воьдийла
цIийнан аьтту агIор дара. Цу чу воьдуш, горга а
долуш, тIегIанаш дара, ткъа оцу чуьра тIехуларчу
кхоалгIачу гIат тIе а цу тайппана долчу тIегIанашна
тIехула волура. 9 Цу тайппана, дина чекхдаьккхира
Сулим-паччахьо Везачу Элан цIа. ЦIенна тIехь
баганан диттийн ханнех тхов байтира Сулим-
паччахьо. 10 ЦIийнан лакхарчу агIонашна тIе
хиттиначу чоьнийн лакхалла пхи дол яра. И
чоьнаш цIенна тIехиттинера баганан диттийн
ханнашца.

11 ТIаккха Везачу Элан дош кхечира Сулим-
паччахье: 12 «Иштта, Сан цIа деш ву хьо. Нагахь хьо
Сан хьехамашца а лелаш, Ас билгалдаьккхинарг а
деш, Сан весеташ кхочуш а деш лелахь, Ас
кхочушдийр ду Айса хьан дега, Дауде, делла *ваIда*.
13 Со хир ву Сайн исраилхошна юкъахь. Ас дуьтур
дац Сайн долахь долу Исраилан халкъ».

14 Цу тайпана, дина чекхдаьккхира Сулим-
паччахьо Везачу Элан цIа.

### Делан цIен тIехь бина чухулара белхаш
(2 Шерашкахь 3:8-14)

15 ЦIенна чухула долчу пенашна тIе льттара
дуьйна тхов тIе кхаччалц баганан диттийн аннаш
туьйхира, ткъа цIенкъа зоьзан диттийн аннаш
туьйхира. 16 ††ЦIийнан тIехьа агIор, йистера ткъа
дол барамехь дIахилош, оганаш а хIиттийна, чоь
йира, цуьнан пенех а, тхевнах а баганан диттийн
ханнаш туьйхира. Иза уггар еза чоь яра. 17 Оцу
чоьнна хьалха агIор йолу чоь яхалла шовзткъа дол
яра. 18 Чухула агIор пенах тоьхначу аннашна тIехь
гIабакхийн а, дIаделладеллачу зезагийн а куьцехь
суьрташ дара дечигна тIехь аьгна дина. Массо а
агIор баганан ханнаш тоьхнера, ткъа тIулг гуш а
бацара.

19 Везачу Элаца бина барт дагабоуьйтуш долу
тIорказ чудиллархьама, йинера и уггар еза
чухулара чоь. 20 И уггар еза чухулара чоь яхалла а,
шоралла а, лакхалла а ткъа дол яра. И чоь ерриг а
цIеначу деших йира. Баганан ханнех бинчу сагIа
доккхучу кхерчана а деши диллира. 21 Иштта
дерриг цIа а, чохь цIена деши а диллина,
дIахIоттийра. Уггар езачу чухуларчу чоьнна хьалха
зIенаш ехкира, царна тIе а деши диллира.
22 ‡Дерриг цIенна а, уггар езачу чухуларчу чоьнна а
хьалха льтташ болчу сагIа доккхучу кхерчана а
деши диллира. 23 ‡†Уггар езачу чухуларчу чоьнна
чохь *зайт-диттийн* дечигах дина шина *каруб-
маликан* сурт дара. Церан лакхалла итт дол
барамехь яра. 24 Хьалхарчу *каруб-маликан* цхьа
тIам а, шолгIаниг а пхиппа дол барамехь бара.
Цхьана тIома тIера, вукху тIома тIе кхаччалц итт
дол барам бара. 25 Оццу барамехь а, куьцехь а дара
шолгIачу *каруб-маликан* сурт а. 26 Цхьана *каруб-
маликан* суьртан лакхаллин барам итт дол бара,
шолгIачун а изза барам бара. 27 ЦIийнан чухула
йинчу сийлаллин-езачу чохь дIахIиттийра оцу
*каруб-маликийн* суьрташ. Церан тIемаш
дIасадаьржина дара. Цхьаннан тIам цхьана пенах
хьакхалора, ткъа вукхун тIам дуьхьал болчу пенах
хьакхалора. Ткъа важа чухула долу тIемаш чоьнан
юккъехь вовшех хьакхалора. 28 Царна тIе а Сулим-
паччахьо деши диллийтира.

29 Оцу цIийнан дерриг а пенашна тIе, чухула а,
тIехула а, гобаьккхина аьгначу тIамаршца цу
тайпана *каруб-маликийн* а, хурмин диттийн а,
дIаделладеллачу вастехь долчу зезагийн а суьрташ
дехкира. 30 Шина цIа чуьра цIенкъа тIе а деши
диллира.

31 Уггар езачу чухуларчу чоьнна чу воллучохь
йолу неIарш зайт-диттан дечигах йинера, церан
пхи са болу гур бара. 32 Оцу зайт-диттан дечигах
йина йолу неIаран шина декъа тIехь а аьгна дина
дара маликийн а, диттийн а, делладеллачу
зезагийн а суьрташ. Оцу массо хIуманна а деши
диллира. 33 Иштта езачу чоьнна чу воллучохь а
хIоттийнера зайт-диттан дечигах йина неIарш,
ткъа церан гураш биъ са болуш бара. 34 Кхин ши
неI яра зоьзан-диттан дечигах йина. Оцу шина
неIаран шишша дакъа меттахдоккхуш дара.
35 Царна тIехь а даьхна *каруб-маликийн* а, хурмин
диттийн а, делладеллачу зезагийн а суьрташ дара.
Оцу суьрташна тIе а цхьатерра аьгна деши
диллира. 36 ТIаккха чухулара керт дIахIоттийра. Иза
хьаькхначу тIулгийн кхаа могIанах а, баганан
диттийн ханнех бинчу цхьана могIанах а йинера.

37 Сулим-паччахь шен дарже веанчу доьалгIачу
шарахь Зив олучу шеран шолгIачу баттахь бух
ботта болийнера Везачу Элан цIенна. 38 Ткъа
цхьайтталгIачу шеран Була олучу баттахь (иза
шеран борхIалгIа бутт бу) Везачу Элан цIа дина
чекхделира. Ша хила деззачу куьцехь дина
дIахIоттийра иза. И цIа Сулим-паччахьо ворхI
шарахь дира.

### Сулим-паччахьан цIа

7 Шена а цIа дайтира Сулим-паччахьо. Иза
кхойтта шарахь дина чекхдаккхийтира цо.
2 Иштта «Ливанун-мехкан хьун» цIе йолу паччахьан

† *ГIат *– тIекIел динчу цIийнан чоьнаш.** †† *6:16 Арадаккхар 26:33, 34.*

‡ *6:22 Арадаккхар 30:1-3.* ‡† *6:23-28 Арадаккхар 25:18-20.*

цІа дайтира Сулим-паччахьо. Оцу цІийнан
гІишлойн яхалла бІе *дол*, шоралла шовзткъе итт
дол, ткъа лакхалла ткъе итт дол яра. Цо цІа дира
баганан дечигах беа могІарехь дІахІиттийначу
бІогІамашна тІехь. Ткъа цу бІогІамашна тІехула
дехкира баганан диттийн дечигах долу тІеш.
3 Шовзткъе пхеа баганан диттан бІогІамашна тІе
пхийтта тІай диллира моггІара, оццу диттан
дечигах тхов тиллира. 4 Дуьхь-дуьхьал болчу шина
пенна тІера кораш кхаа могІарехь дара. Иштта
цхьана пенан хІора кор вукху пенах долчу корана
дуьхьал дара. 5 Ерриг неІарш, неІарийн гураш
еакІов дара, ткъа кор корана дуьхьал дара кхаа
могІарехь.
6 Цо бІогІамех уче тІейира, яхалла шовзткъе итт
дол, шоралла ткъе итт дол а йолуш. Ткъа цунна
хьалха бІогІамашна тІехь лаба а, неІсагІа а дира.
7 Къаьстина кхин цхьа чоь яра Сулим-паччахьан,
цу чохь паччахьан деза гІант дара хІоттийна. Оцу
чоьнах «кхел еш йолу чоь» олура, хІунда аьлча цу
чохь адамашна кхел йора Сулим-паччахьо. Оцу
чуьра цІенкъа а баганан диттан аннех яра.
8 †Сулим-паччахьан ша Іаш волу цІа кхечу кертахь
дара. Иза кхел еш йолчу цІенна тІехьа дара, оццу
куьцехь дина а дара. И санна цІа динера Сулим-
паччахьо шена ялийна йолчу Мисар-мехкан
пирІунан йоІана а.
9 И массо а гІишлош дезачу тІулгех йина яра.
ТІулгаш, шина а агІор херхаца хеда а дина, шайн-
шайн барамашкахь нисдина дара. Уьш бух тІера
дуьйна тхов тІе кхаччалц а, арахьара дуьйна
йоккхачу керта чу кхаччалц а дехкина дара.
10 ГІишлойн бух буттуш, деза а, даккхий а тІулгаш
дехкинера. Цхьадерш итт дол шуьйра дара, вуьш –
бархІ дол шуьйра дара. 11 ТІехула а дара нийсса
хьаькхна а, шайн-шайн барамехь а долу тІулгаш.
Иштта баганан дечиган тІеш а дара дехкина.
12 Хьаькхна нисдинчу тІулгех кхо могІа а, баганан
дечигах бина цхьа могІа а биллина, керт йинера
йоккхачу кертана гонах. Иштта Везачу Элан
цІийнан чухула йолчу кертана а, учена а гонах яра
цу тайпана йолу керт.

## Цора-гІаларчу Хьираман говза болх

13 ТІаккха Цора-гІалара Хьирам †† цІе йолу стаг
схьавалавайтира Сулим-паччахьо. 14 Иза йисина
Іаш йолчу цхьана зудчун кІант вара. Напталан
тІаьхьенах яра и зуда. Хьираман да цорахо вара.
Хьирам ша цІестан пхьар вара. ЦІастанах муьлхха
а хІума ян говзалла а, похІма а дара цуьнан. Сулим-
паччахь волчу а веана, и дерриг а гІуллакхаш
кхочушдира Хьирама.

## ЦІестан ши бІогІам
(2 Шерашкахь 3:15-17)

15 Кхин а цІестан ши бІогІам бира Хьирама. ХІора
бІогІаман лакхалла берхІитта дол, ткъа
гобаьккхина йолу шоралла шийтта дол яра. 16 Оцу
бІогІамашна тІехула дилла цІастанах *таж* доьттира
Хьирама. Церан хІораннан лакхалла пхи дол яра.
17 БІогІамашна тІехула динчу таьжнийн куц
далийнера, царна тІе юьйцинчу зІенех бойнан
суьрташ а дина. Уьш хІора тажана тІехь ворхІ-ворхІ
яра. 18 ТІаккха оцу бойнна гонах бІогІамашна тІехь
долчу тажана тІехула цІастанах дина тІедехкина
ши могІа наран стоьмаш бара. Оццу кепара а
шолгІачу бІогІамна тІера тажана тІе а дехкира уьш.
19 ЦІенна хьалхарчу ученех гІортийна
дІахІиттийначу хазачу бІогІамашна тІехь таьжнаш
дара. Уьш петІамат-зезагах тардинера, лакхалла
диъ дол долуш. 20 Оцу шина бІогІам тІехь долчу
таьжнашна гонах йолчу бойнна уллохь
гобаьккхина могІанашца тІедехкина ши бІе наран
стоьмийн куьцехь сурт дара. 21 Везачу Элан цІа чу
воллучохь, учехь, цІестан ши бІогІам дІахІоттийра
Хьирама. Цхьа бІогІам къилбехьа хІоттийра цо,
цунна «Якин» аьлла цІе тиллира Хьирама (и цІе
«Дала дІахІоттор» бохучух тера ду). Ткъа важа
къилбаседехьа дІахІоттийра. Цунах «БоІаз» элира
(иза «Делан нуьцкъалаллех дерг» бохучух тера ду).
22 Иштта дехкира оцу бІогІамашна тІе петІамат-
зезаган куьцехь долу таьжнаш.
Иштта чекхбелира Хьираман бІогІамаш
дІахІотторан болх.

## ЦІастанах бина хІорд
(2 Шерашкахь 4:2-5)

23 ТІаккха лалийначу цІастанах дукха боккха яй
бира Хьирама. Цуьнан цхьана йистера вукху йисте
кхаччалц болу барам итт дол бара. Пхи дол кІорга а
бара иза. Оцу ен го ткъе итт дол бара. 24 Цуьнан
йистошкахула гобаьккхина шина могІара дехкина
цІестан гІабакхийн суьрташ дара. И суьрташ оцу
енаца цхьаьна ийна дара. 25 И боккха цІестан яй
шийтта цІестан старана тІехь лаьтташ бара. Кхо
цІестан сту къилбаседехьа берзийна бара, кхин
кхоъ малхбузехьа, важа кхоъ къилбехьа, бисина
кхоъ малхбалехьа берзийнера. ЦІестан яй церан
баккъашна тІе биллина бара, ткъа стерчийн
тІехьенаш ен бухан юккъехьа ерзийна яра. 26 Оцу
ен стоммалла куьйган кераюккъалц яра, ткъа
цуьнан йистош дІаделладеллачу петІамат-зезаган
куьцехь дара. Оцу ена чу кхузткъе итт эзар *чами*
кхоччуш хи доьдура.

## ЦІестан кІелхІотторгаш

27 ТІаккха итт цІестан кІелхІотторг йира Хьирама.
Уьш, чкъургаш тІехь а йолуш, меттахъяхалуш яра.
ХІора кІелхІотторган яхалла а, шоралла а диъ дол,

---

† *7:8 Сулим 3:1.* †† *Хьирам *– Іебархойн маттахь кхузахь «Хьурам» ду. Иза Хьираман кхин цІе ю.**

ткъа лакхалла кхо дол яра. [28] И кІелхІотторгаш
иштта йинера: церан деакІов пенаш дара, уьш
гурашна тІе хаийнера. [29] Гурашна чухула долчу
пенашна тІе а, гурашна тІе а лоьмийн а, стерчийн
а, каруб-маликийн а суьрташ дехкинера. Ткъа оцу
лоьмийн а, стерчийн а суьрташна лакхахула а,
лахахула а цІастанах дина дикка дІасадаьржина
долу таьжнаш дара. [30] ХІора кІелхІотторган йиъ-
йиъ чкъург а, семанаш а яра. ХІора сонехь ена
тІехуттуш йина гІортораш яра. Оцу гІорторашна
тІехь цІастанах дина тІедиллина таьжнаш дара.
[31] Ткъа гІорторана тІехула даькккхина Іуьрг дара,
цхьа дол хиллал кІорга а долуш. И Іуьрг горга дара,
цуьнан гонан барам цхьа дол ах дол бара.
Іуьргашна тІехула аьгна даьхна суьрташ дара.
КІелхІотторган агІонашна тІера пенаш, горга а
доцуш, деакІов дара. [32] Пенашна кІел йиъ чкъург
яра, ткъа церан семанаш гІорторашна тІе
чІагІйина яра. ХІора чкъурган гонан шоралла цхьа
дол ах дол барамехь яра. [33] ХІора чкъург яра
гІудалкхийн чкъургаш санна йина. Семанаш а,
чкъурган хІазарш а, чІораш а, чкъурган *милкаш* а
цІастанах йина яра. [34] ХІора кІелхІотторган беа
сонехь цхьаацца гІортор яра. Ткъа хІора гІортор оцу
кІелхІотторгах цхьаьна хоьттина йина яра.
[35] КІелхІотторган боххьехь бина горга гу бара.
Цуьнан лакхаллин барам ах дол бара, иза а
тІехІоьттина, дийна цхьаъ болуш санна, боьттина
бара кІелхІотторгана тІе. [36] Оцу кІелхІотторган
пенаш тІехь а, массо а меттиг йоллучохь а *каруб-
маликийн* а, лоьмийн а, хурманийн диттийн а,
аьгна даьхна суьрташ дехкира Хьирама. [37] Иштта,
итт кІелхІотторг йинера Хьирама. Уьш ерриш а
цІастанах йоьттина яра, церан хІораннан а цхьа
барам а бара, цхьа кеп а яра.
[38] [†]ТІаккха цІестан итт юьхь-куьг дуьлург йира
Хьирама, уьш хІора а диъ дол барамехь яра. ХІора
юьхь-куьг дуьлургана чу биъ бІе чами хи доьдура.
Уьш оцу йина дІахІоттийна йолчу итт
кІелхІотторгна тІе йиллира. [39] Пхи кІелхІотторг
къилбехьа агІор, ткъа важа пхиъ къилбаседехьа,
аьрру агІор дІахІоттийра Хьирама. Везачу Элан
цІийнан къилба-малхбалехьа агІор дІахІоттийра цо
чохь хи долу и боккха цІестан яй.

### Везачу Элан цІа а, керт а хазъян Хьирама йина хІуманаш

(2 Шерашкахь 4:11–5:1)

[40] Иштта Хьирама кхин а дира тесаш, кегий
белаш, кегий кедаш. ТІаккха чекхбехира Хьирама
Везачу Элан цІийнан кертахь Сулим-паччахьна
беш болу берриг а белхаш.
[41] Иштта ши бІогІам а буьйгІира Хьирама,
царна гонах таьжнийн ши го а бира.
ТІаккха оцу таьжнийн суьрташ тІедехкина долчу
бІогІамийн боххьехь бойнан ши сурт диллира цо.
[42] Оцу бойнан шина суьрта тІе диъ бІе цІестан
*нар-стоьмаш* дира Хьирама. И стоьмаш оцу
бІогІамашна тІе дехкинчу таьжнашна тІерачу
бойнийн суьрташ тІе дехкира шишша могІа.
[43] Иштта йира цо итт юьхь-куьг дуьлург, шайна
бухахь итт кІелхІотторг а йолуш.
[44] Хи чудотта цхьа цІестан яй, цунна бухара
шийтта цІестан сту а,
[45] тесаш а, белаш а, кедаш а дира Хьирама.
Везачу Элан цІийнан кертахь мел йина хІума а,
заьнгала динчу цІастанах йинера цо Сулим-
паччахьна. [46] И дерриг а хІума Йордан-хин йистехь,
сацкъаран латта тІехь йоттийтира Сулим-паччахьо.
Иза дара Сакхат а, ЦІартан а олучу меттигашна
юккъехь. [47] И ерриг хІума а Сулим-паччахьо шен-
шен метте дІахІоттаяйтира. И хІуманаш тІех дукха
хиларна, уьш еш дайчина цІастанан барам буста а
ца лора.
[48] [††]Цу тайпана деших массо а хІума а яйтинера
Сулим-паччахьо Везачу Элан цІенна. Уьш яра:
хаза хьожа йоуьйту хІума яго дашо кхерч,
Далла лерина бепиг тІедуьллуш йолу дашо стол;
[49] [‡]цІеначу деших боьттина болу стогарш (пхиъ
аьтту агІор, важа пхиъ оцу уггар езачу чухуларчу
чоьнна аьрру агІор хІиттийна йолу),
зезагийн суьрташ,
чІурам хІотторгаш, морзахаш,
[50] бошхепаш, тукарш, боганаш, *хаза хьожа йогІу
хІума* чу юьллуш долу кедаш, богуш болу кІора
дІасабахьа нойш цІеначу деших дина еш;
уггар езачу чоьнан чуьра неІарийн а, Делан
цІийнан вукху неІарийн а кІажаш, деших дина
долу.
[51] [‡†]Иштта чекхбаькккхира Сулим-паччахьо Везачу
Элан цІенна шена бан лиъна болу берриг белхаш.
Шен дас, Дауда, Везачу Элана лерина лелош хилла
мел йолу сийлаллин-еза хІуманаш цу цІа чу ехкира
Сулим-паччахьо. Везачу Элан цІийнан хазни чу
деши а, дети а, кхин йолу хІуманаш а дІаелира
Сулим-паччахьо.

### Везачу Элаца бинчу бертан тІорказ Делан цІа чу диллар

(2 Шерашкахь 5:2–6:2)

8 [‡‡]Цул тІаьхьа Исраилан халкъан къаной а,
исраилхойн тайпанийн а, гаранийн а,
доьзалийн а берриг а баьччанаш, ша Іаш волчу
Ярушалайм-гІала шена тІекхайкхира Сулим-
паччахьо, хьалха Цийон цІе йолуш хиллачу Даудан
гІалара Везачу Элаца бинчу бертан тІорказ
схьадаийтархьама. [2] [‡‡†]Иштта Этаним олучу шеран
ворхІалгІачу беттан дезачу деношкахь [‡‡‡] дерриг а
Исраилан халкъ Сулим-паччахь волчу гулделира.

† 7:38 *Арадаккхар 30:17-21.*

†† *7:48 а: Арадаккхар 30:1-3; б: Арадаккхар 25:23-30.* ‡ *7:49 Арадаккхар 25:31-40.* ‡† *7:51 Дауд 8:11; 1 Шерашкахь 18:11.* ‡‡ *8:1 Дауд 6:12-16; 1 Шерашкахь 15:25-29.* ‡‡† *8:2 Іамалъяр 23:34.* ‡‡‡ *Дезачу деношкахь *– схьахетарехь, адамаш кхалораш кІелахь Іаш долу деза денош ду уьш.**

3 Исраилхойн массо а къаной цига баьхкича, динан
дайша бертан тIорказ схьаийцира. 4 Везачу Элаца
бинчу бертан тIорказ а, гуламан четар а, цу чохь
мел хиллачу сийлаллин-езачу хIуманашца, схьа а
эцна, дIадаьхьира динан дайша а, левихоша а.
5 Ткъа Сулим-паччахь а, цуьнца цхьаьна иза волчу
гулделла Исраил-мехкан дерриг халкъ а оцу дезачу
тIорказна хьалха бара. Цара Далла лерина
дийнатийн сагIанаш дохура. Далийна бежанаш а,
жа а дукха хиларна дагар а ца далора. 6 ТIаккха
динан дайша Везачу Элаца бинчу бертан тIорказ,
схьа а эцна, Делан цIийнан чухуларчу а, уггар езачу
а чоьн чохь йолчу шен метте дIахIоттийра, *каруб-
маликийн* суьртийн тIемашна кIел. 7 ХIунда аьлча
оцу маликийн суьртийн тIемаш цу тIорказна
тIехула дIасадаржийна дара, цундела тIорказ а,
цуьнан гIуркхаш а дIахьулдора цара. 8 И гIуркхаш
деха хиларна, церан юьхьигаш гучуйолура езачу
чоьнна чуьра уггар езачу чухуларчу чоьнна хьалха
агIор. Амма арахула и юьхьигаш гуш яцара. Уьш
тахханалц а лаьтташ ю цу чохь. 9 †Оцу дезачу
тIорказ чохь, Мусас чуйиллина йолу тIулган ши
экъа йоцург, кхин хIумма а яцара. И тIулган
экъанаш Муса-пайхамаро ехкинера, Хьариб олучу
меттигехь Везачу Эло Исраилан халкъаца барт а
бина, уьш Мисар-махкара арабаьхначул тIаьхьа.
10 ††Динан дай оцу езачу чоьнна чуьра арабевлча,
Везачу Элан цIа чохь марха хIоьттира. 11 И Везачу
Элан цIа Цуьнан олаллин нуьрах дузарна, кхин дIа
шайн гIуллакх дан ца делира динан дайшка.
12 ‡ТIаккха Сулим-паччахьо элира:

«Везачу Эло малх кхоьллина стигалахь иза
къагийта ‡†,
ткъа Шен боданехь Iан лаам бу аьллера Цо.
13 Амма аса Хьуна исбаьхьа цIа дIахIоттийна,
Хьо цу чохь абаденналц вахийта».

### Сулим-паччахьо халкъе дIахьедар до
(2 Шерашкахь 6:3-11)

14 Дерриг а Исраилан халкъ дара цигахь лаьтташ.
Халкъехьа а вирзина, Сулим-паччахьо декъалдира
и халкъ. 15 ТIаккха паччахьо элира: «Декъала ву
Исраилан халкъан Веза Дела, сан дена Даудана, Ша
делла дош Шен куьйгаца кхочушдина Волу! Цо
аьллера сан дега: 16 ‡‡„Мисар-махкара Сайн
Исраилан халкъ Айса арадаьккхичхьана дуьйна
схьа, Исраилан тайпанийн мехкашкара цхьа а
гIала ца къастийра Аса, Сан цIе язъян лерина цIа
хилийтархьама. Амма хIинца Дауд-паччахь
хаьржина Ас ‡‡† Сайн Исраилан халкъана тIехь
олалла дайта!“

17 ‡‡‡Сан дена Даудана чIогIа лиира Исраилан
халкъан Везачу Делан цIе язъян лерина долу цIа
дIахIотто. 18 Амма Везачу Эло аьллера сан дега
Дауде: „Суна хаьа, Сан цIе язъян лерина долу цIа
хIоттадан хьан чIогIа лаам хилар. Хьуна и лаар
дика ду. 19 §Амма хьо вац Аса и цIа дIахIотто
хаьржинарг. Хьох ваьлла волчу хьан кIанта дийр ду
Сан цIе язъян лерина долу цIа“.
20 Иштта Везачу Эло Ша делла дош кхочушдира.
Сан ден метта Исраил-мехкан паччахьан гIанта тIе
хиира со, хIинца со паччахь а ву, Везачу Эло ма-
аллара. Аса Исраилан халкъан Везачу Делан цIе
язъян лерина долу цIа а дIахIоттийна. 21 Везачу Эло
вайн дай Мисар-махкара арабаьхча, Ша цаьрца
бина барт тIеязбина йолу тIулгийн экъанаш чу
йохку деза тIорказ латто меттиг кечйина аса оцу
цIа чохь».

### Сулим-паччахьо дина доIа
(2 Шерашкахь 6:12-42)

22 ТIаккха Сулим-паччахьо, сагIа доккхучу Везачу
Элан кхерчана хьалха дIа а хIоьттина, гулделлачу
массо а Исраилан халкъана хьалха, куьйгаш
стигала хьала а дахийтина, 23 элира: «Ва Исраилан
халкъан Веза Дела, вац Хьох тера волу Дела я
лакхахь стигалшкахь, я лахахь лаьтта тIехь! Вайна
юкъахь болу барт лар а беш, цунна Хьо тешаме
хуьлу доггах Хьайна тIаьхьа хIоьттинчу Хьайн
лешна. 24 Ахь кхочушдина Хьайн лай волчу сан
дена Даудана Айхьа делла дош. Ахьа иза Хьайн
багара даьккхинера, ткъа тахана Хьайн куьйгаца
кхочушдина. 25 §†Ткъа хIинца Исраилан халкъан
Веза Дела, кхочушдехьа Хьайн лай волчу Дауде,
сан дега, Айхьа аьлларг: „Нагахь хьан тIаьхьенах
болчара, хьо Суна хьалха ма-леллара а лелаш,
шайн некъаш тешаме хиларца лардахь, даим а
хьан тIаьхьенах хир волчу цхьаццаммо
паччахьалла дийр ду Исраилан халкъана тIехь“.
26 Ткъа хIинца, Исраилан халкъан Дела, бакъ
хуьлийла Ахьа сан дена делла долу Хьан дош!
27 §††Амма, бакъдерг аьлча, Iойла а дуй те Дела кху
Лаьттахь? Стигала а, я стигалан лакхенашка а ца
тарлуш волу Хьо, хIокху ас дIахIотийначу Хьан цIа
чу-м тарлойла а дац. 28 Делахь а, дIахозийла Хьуна
сан доIа а, Хьан лай волчун дехар а, ва сан Веза
Дела! Тергам бойла Ахьа, Хьайга тахана дехарш
деш кхойкхуш волчу Хьайн лен кхайкхаман а,
доIанан а. 29 §‡Аьлла-кх Ахьа: „Сан цIе кху чохь хир
ю“. Доьху Хьоьга, хьажадойла Ахьа Хьайн бIаьргаш
хIокху цIенна тIе дийнахь а, буса а! ЛадугIийла
Ахьа Хьан лай волчун доIане, иза, хIокху меттехьа
а вирзина, Хьоьга кхойкхучу хенахь. 30 ДIахозийла
Хьуна Хьайн лай волчун доIа а, Хьайн Исраилан
халкъан доIанаш а, цара, хIокху меттехьа а
бирзина, Хьайга доIа дечу хенахь. Хьо стигалшкахь

† *8:9 Карлабаьккхинарг 10:5.* †† *8:10, 11 Арадаккхар 40:34, 35.* ‡ *8:12 Забур 17:12; 96:2.* ‡† *...малх кхоьллина, стигалахь иза къагийта *– и дешнаш ду цхьана ширачу гочдар чохь, ткъа Iебархойн маттахь уьш дац.** ‡‡ *8:16 Дауд 7:4-11; 1 Шерашкахь 17:3-10.* ‡‡† *...Дауд-паччахь хаьржина Ас... *– Грекийн гочдар тIехь: *...Ярушалайм-гIала а хаьржина Ас, Дауд-паччахь а хаьржина Ас...**

‡‡‡ *8:17, 18 Дауд 7:1-3; 1 Шерашкахь 17:1, 2.* § *8:19 Дауд 7:12, 13; 1 Шерашкахь 17:11, 12.* §† *8:25 Сулим 2:4.* §†† *8:27 2 Шерашкахь 2:6.* §‡ *8:29 Карлабаьккхинарг 12:11.*

Iаш ву, ткъа оха доьху Хьоьга, цигахь тхан доIа дIа
а хазий, гечдехьа тхуна.
31 Масала, нагахь цхьа стаг вукхунна хьалха бехке
а хилла, иза Хьан сагIа доккхучу кхерчана хьалха
дIахIоттавахь, хIокху Хьан цIа чохь, ша бехке вац
аьлла, цуьнга дуй баийта тарло. 32 ТIаккха
стигалахь волчу Ахьа дIахазий, кхел ехьа Хьайн
лешна тIехь, бехке верг бехке озош, царах
даьлларг церан шайн кортошна тIе а дожош. Ткъа
бехке воцург бехказаваккхахьа, цуьнан бакъ
хиларца терра цунна доггIург а деш.
33 Масала, Хьан Исраилан халкъ, Хьуна хьалха
къилахь хиларна, мостагIчо иза эшор ду. Нагахь и
халкъ, Хьоьга кхайкхамаш а беш, кху цIа чохь
волчу Хьоьга доIанаш а, дехарш а деш, Хьоьгахьа
дерзахь, 34 стигалшкахь церан доIа дIа а хазий,
гечдехьа хIокху Хьайн Исраилан халкъан
къиношна. Айхьа хьалха церан дайшна делла
долчу лаьтта тIе уьш юхаберзабехьа.
35 Ткъа, масала, цара Хьуна хьалха къинош
летадарна, Ахьа, стигалш дIа а къевлина, догIа
доуьйтур дац. Амма, масала, цара, кху меттехьа а
бирзина, доIанаш а деш, Хьоьга кхайкхамаш а беш,
Ахь шаьш охьатаIийна дела, шаьш летийначу
къиношна дохко а бевлла, уьш юха а Хьуна
тIеберза тарло. 36 ТIаккха, доьху Хьоьга, дIахазахьа
стигалшкахь церан доIанаш, гечдехьа Хьайн лай
долчу Исраилан халкъан къиношна. Гайтахьа
царна нийса некъ, даийтахьа хIокху Хьайн лаьтта
тIе догIа, Ахьа Хьайн халкъана тIаьхьалонна делла
хилла долчу.
37 Нагахь хIокху лаьтта тIе адамашна я мацалла
тIеягIахь, я адамаш хIаллакдеш цамгарш кхетахь,
я, мел долу хIума дагош, бовха мох балахь, я
адамаша дийна долу дерриге ялта а мекхано диъна
дIадаккхахь, я цIоз, я нIаьна тIелатахь, я шайн
лаьтта тIехь адамаш Iен ца дуьтуш, мостагIа
тIегIортахь, я муьлхха а бохам хилахь, я ун кхетахь,
38 тIаккха, нагахь дерриг а Хьан Исраилан халкъана
юкъара муьлххачу а адамо, шех даьллачу
къиношна дохко а даьлла, кху Хьан цIенна тIе
куьйгаш хьала а айина, Хьоьга доIанаш а, дехарш а
дахь, 39 доьху Хьоьга, Хьо Iаш волчу стигалшкахь,
цуьнан доIа дIахазий, гечдехьа цунна, гIо дехьа.
Хьуна цхьанна хаьа-кх хIора адаман дагахь дерг.
Цундела доьху Хьоьга, хIора стагана а доггIург
цуьнан гIуллакхашка хьаьжжина дехьа. 40 Дехьа
иза массо а адам Хьох кхерийтархьама, Ахьа тхан
дайшна деллачу кху лаьттахь тхо мел деха.
41 Исраилхой а боцуш, кхин къомах долу адамаш
догIур ду Хьан цIеран дуьхьа. 42 ХIунда аьлча царна
а хезар ду Хьан сийлаллин-езачу цIарах лаьцна а,
Хьан нуьцкъалаллех лаьцна а. Уьш богIур бу, кху
Хьан цIенна тIе а бирзина, доIанаш дан. 43 ТIаккха,
доьху Хьоьга, дIахазахьа Хьо Iаш волчу
стигалшкахь церан доIанаш, дехьа цара а Хьайга
мел дехнарг, Лаьттахь мел долчу къаьмнашна а
Хьайн цIе йовзийтархьама а, уьш Хьайх
кхерийтархьама а, Хьан Исраилан халкъ санна.
ТIаккха массо а меттигашкара, доллу халкъашна а
хуур ду, ас дIахIоттийна хIара цIа Ахь-Айхьа
даздина хилар.
44 Наггахь Ахьа Хьайн халкъе омра дийр ду, даха а
гIой, шайн мостагIех лата аьлла. Масала, хIокху
Ахьа хаьржинчу гIаланехьа а, Хьан цIе язъян
лерина дIахIоттийначу цIенна тIе а бирзина, цара
Хьо вазвеш, Хьуна хастамаш беш, доIанаш дахь,
45 доьху Хьоьга, дIахазахьа стигалшкахь церан
доIанаш а, церан дехарш а, бакъ а бехьа уьш.
46 Нагахь Хьан халкъо Хьуна хьалха къинош
летадахь (ткъа къа ца латош адам дан а дац),
тIаккха Ахьа, масала, царна оьгIаз а вахана, уьш
мостагIашка эшабойтур бу. Ткъа мостагIаша, царна
йийсар а дина, генарчу я юххерчу хийрачу махка
дIабига мега уьш. 47 Масала, оцу шаьш йийсаре
бигначу мехкашкахь Хьан халкъо, ша летийначу
къиношна дохко а даьлла, Хьоьга доIанаш дийр ду.
Цу халкъо ала тарло: „Оха къа латийна, тхо нийса
дацара, тхо бехке ду“. 48 Ткъа нагахь шаьш йийсаре
дигначу оцу мостагIийн махкахь, уьш шайн
цIеначу даггара Хьуна тIебирзина, Ахьа шайн
дайшна деллачу лаьттехьа а, Айхьа хаьржинчу
гIалехьа а, Хьан цIе язъян ас дIахIотийначу Хьан
цIенна а тIе а бирзина, цара доIанаш дахь,
49 тIаккха ас доьху Хьоьга, Хьо Iаш волчу
стигалшкахь церан доIанаш дIа а хазий, бакъбехьа
уьш. 50 Гечдехьа Хьайн халкъана цара Хьайна
хьалхахь латийначу къиношна а, Хьуна хьалха
цара нийса ца динчу массо хIуманна а, ткъа уьш
йийсаре бигна болу мостагIий царна къинхетаме
хилийтахьа. 51 ХIунда аьлча иза Ахьа Хьайн дола
даьккхина Хьан халкъ ма ду. Йогучу пешара эчиг
санна долу Хьайн халкъ арадаьккхинера Ахьа
Мисар-махкара.
52 Хуьлийла хьан лергаш а, Хьан бIаьргаш а сема
Хьайн лай волчу сан а, Хьайн Исраилан халкъан а
доIанашна, уьш Хьайга кхойкхучу хенахь даим а
Хьуна дIахазархьама. 53 ХIунда аьлча Ахьа, Хьайн
дола а баьхна, къастийна уьш Лаьттара массо а
къаьмнашна юкъара, Ахьа Хьайн лай волчу
Мусагахула ма-аллара, ва сан Хьалдолу Эла, Айхьа
тхан дай Мисар-махкара арабаьхначу хенахь».

### Халкъ декъалдар

54 Лаьтта гора а хIоьттина, куьйгаш стигала хьала
а кховдийна, Везачу Эле доIа деш вара Сулим-
паччахь. Шен доIа чекх а даьккхина, Везачу Элан
сагIа доккхучу кхерчана уллора дIа а хилла,
55 халкъана хьалха а хIоьттина, чIоггIачу озаца,
гулделла долу халкъ Деле декъалдар дийхира
Сулим-паччахьо. 56 †Цо элира: «Декъал ву Веза Эла,
Шен Исраилан халкъана синтем белла волу, Ша
цунна дош ма-даллара. Везачу Эло Шен лай волчу
Мусагахула лур ду аьллачу диканех цхьа а ца
дисина кхочуш ца деш. 57 Хуьлийла вайн Веза Дела

† *8:56 Карлабаьккхинарг 12:10.*

вайца а, Ша вайн дайшца ма-хиллара, дIа ма
воьрзийла Иза вайгахьара, ма дуьтийла Цо вай.
58 Доьху ас Везачу Эле вайн дегнаш Шена
тIедерзор, Цуьнан некъашца вай лелийтархьама.
ТIаккха вай кхочушдийр ду Дала вайн дайшна
делла долу весеташ а, хьехамаш а, тIедехкинарш а.
59 Вайн Везачу Далла даим а, дийнахь а, буса а
дагахь хуьлийла хIара сан доIа а, сан дехарш а,
Шен лай волу со а, Шен Исраилан халкъ а де дийне
мел долу а бакъхилийтархьама. 60 Иза ду, Веза Эла
бакъволу цхьа Дела вуйла а, кхин Дела воцийла а
массо а къаьмнашна хаийтархьама. 61 Ткъа шу,
адамаш, кхоччуш муьтIахь хила деза вайн Везачу
Далла. Аша Цуьнан хьехамаш кхочушбан а беза,
Цуьнан весеташ, хIинца санна, лардан а деза».

### Везачу Элан цIа даздар
(2 Шерашкахь 7:4-10)

62 ТIаккха паччахьо а, массо а цуьнца болчу
исраилхоша а Везачу Элана сагIа даькккхира.
63 Сулим-паччахьо Везачу Элана бертан сагIина
ткъе ши эзар бежана а, бIе ткъа эзар уьстагI а
беара. Иштта Сулим-паччахьо а, массо исраилхоша
а Везачу Элан цIа даздира. 64 Оццу дийнахь Везачу
Элан цIийнан кертара юккъехь йолу меттиг Далла
хьалха сийлаллица язйира, цигахь дийнаташ
дагоран а, кIен а сагIанаш дохура, бертан сагIанан
дийнатийн мохь а ягайора. ХIунда аьлча Везачу
Элан цIенна хьалхахь лаьтташ болчу сагIа доккхучу
йоьзачу кхерчана тIе дерриг а и сагIанаш ца
тарлора.
65 ТIаккха цу дийнахь Сулим-паччахьо деза де
хIоттийра, дерриг а Исраилан халкъо даздира и де.
Берриг а исраилхой гулбеллера цигахь, Хьамат цIе
йолуш долчу лаьмнийн дехьадовларан меттигера
дуьйна Мисар-мехкан дозанехь долу хина
тIекхаччалц. Вайн Везачу Далла хьалха и де
даздеш бара уьш ворхI дийнахь, цул тIаьхьа кхин а
ворхI дийнахь цигахь Iийра уьш и де даздеш. Цара
даздеш даьхна денош дерриг а дейтта де дара.
66 Цул тIаьхьарчу дийнахь Сулим-паччахьо халкъ
дIасахийцира. ТIаккха, паччахь декъал а веш,
шайн хIусамашка юхадоьрзура адам. Халкъ
самукъадаьлла дара, Везачу Эло шен лай волчу
Дауд-паччахьна а, Шен Исраилан халкъана а дина
дика хазахетта.

### ШозлагIа а Сулим-паччахьна Дела дуьхьалхIоттар
(2 Шерашкахь 7:11-22)

9 Иштта Сулим-паччахь Везачу Элан цIа а,
паччахьан цIа а, шена ян мел лиъна хIума а
йина чекхвелира. 2 †ТIаккха юха а, ГавIон-гIалахь
хьалха дуьхьал ма-хIоттара, шозлагIа а
дуьхьалхIоьттира Веза Эла Сулим-паччахьна.
3 Везачу Эло элира: «Суна схьахезира хьан доIа а,
хьан Соьга долу дехар а. Ахь хIоттийна долу Сан
цIа Ас къобалдира, даим а цигахь Сайн цIе
язъяйтархьама. Ас иза Iалашдийр ду, даим дагахь а
латтор ду. 4 Ткъа хьо а лела Суна хьалха, хьайн да
Дауд Суна хьалха ма-леллара, дог цIена а волуш,
тешаме. Ахьа а Сан дерриг весеташ а, Сан
хьехамаш а, Аса тIедиллина гIуллакхаш а
кхочушде. 5 ††ТIаккха и дерриг ахь кхочушдахь,
хьан цIийнах цхьаъ даим а Исраил-махкана тIехь
паччахьалла деш хир ву. Иштта дош деллера Ас
хьан дена Даудана: „Хьан тIаьхьенах хир волчу
цхьаццаммо даим паччахьалла дийр ду Исраилан
халкъана тIехь“. 6 Амма шу я шун тIаьхьенах болу
паччахьаш Сох дIаберзахь, Ас шайна делла долу
Сан весеташ а, Сан хьехамаш а дIа а теттина, кхечу
деланашна тIе а дирзина, царна аша Iибадат дахь,
7 тIаккха, Айса деллачу лаьттах а хадийна, дуьтур ду
Ас Исраилан халкъ. Сайн цIе язъяйта къобалдина
долу цIа а дIадоккхур ду Ас. ТIаккха, дерриге а
халкъаша кицанна а, беламна а далош, дIахIуттур
ду Исраилан халкъ. 8 ‡Ткъа оцу дезачу цIийнах
лаьцна, иза сийлахь делахь а, чекх мел волучо
инзарваларца а, веларца а хаттар дийр ду: „И
хIунда дина те Везачу Эло оцу махкана а, оцу Шен
цIенна а?“ 9 ТIаккха, царна жоп луш, наха эр ду:
„Мисар-махкара шайн дай арабаьхна волу шайн
Веза Дела а витина, уьш кхечу деланашна тIаьхьа а
бевлла, царна Iамал а еш, *Iибадат дан* болабаларна
дина царна иза. Цундела Везачу Эло баийтина
царна тIе и берриг бохам“».

### Сулим-паччахьна а, Хьирам-паччахьна а юкъахь хилла барт
(2 Шерашкахь 8:1, 2)

10 Сулим-паччахьо Везачу Элан цIа деш а, шен
паччахьан цIа дIахIоттош а ткъа шо делира. 11 И
белхаш бечу хенахь, Цора-гIалин паччахь волчу
Хьирамна Галилай-махкара ткъа юрт совгIатна
елира Сулим-паччахьо. ХIунда аьлча Хьирам-
паччахьо баганан а, зоьзан а диттийн дечиг а
латтийра, оьшшучул деши а делира Сулим-
паччахьна. 12 Амма Сулим-паччахьо шена еллачу
ярташка хьажа вахча, Хьирам-паччахьна уьш хаза
ца хийтира. 13 «ХIара хIун ярташ ю ахь суна елларш,
сан ваша?» – элира Хьирам-паччахьо. Цо, «Хабул»
аьлла, цIе тиллира оцу лаьттана (иза «мехала доцу
латта» бохург ду). Иза тахханалц а и цIе йолуш ду.
14 Хьирам-паччахьо цхьа бIе ткъа гали деши
дахьийтинера Сулим-паччахьна.

### Сулим-паччахьо дина кхидолу гIуллакхаш
(2 Шерашкахь 8:3-18)

15 Сулим-паччахьо шен лешка Везачу Элан цIа а,
керт а дIахIоттаяйтира, шена паччахьан цIа а
дайтира. Милло цIе йолу терхийн басенаш а
яйтира, Ярушалаймана гонах пенаш а
дIахIиттийра. Иштта Хьацор а, МагIидда а, ГIазар а
цIераш йолу гIаланаш а дIахIиттийра цо. 16 (ПирIун

† 9:2 *Сулим 3:5; 2 Шерашкахь 1:7.*

†† *9:5 Сулим 2:4; 8:25.* ‡ *9:8 ТIаьххьарнаш 25:9; 2 Шерашкахь 36:19.*

волчу Мисар-мехкан паччахьо, ГIазар-гIалина тIе а
гIоьртина, иза схьаяьккхинера. ТIаккха, и гIала
цIергахь яга а йина, оцу гIалахь Iаш болу
канаIанхой, байа а байина, Сулим-паччахьехь
марехь йолчу шен йоIана томана еллера пирIуно и
ГIазар-гIала. [17] ТIаккха Сулим-паччахьо юха
меттахIоттийнера ГIазар-гIала.) Лахара Байт-
Хьорон цIе йолу гIала а тойина дIахIоттийра
Сулим-паччахьо. [18] Иштта ЯхIуд-махкахь йолчу
яьссачу аренгахь Сулим-паччахьо дIахIоттийра
БаIалт цIе йолу а, Тамар цIе йолу а гIаланаш.
[19] Кхин а Сулим-паччахьан долахь йолу,
тIаьхьалонна кечдина долу сурсаташ чохь латто
гIаланаш а, говраш южу гIудалкхаш латтош йолу
гIаланаш а, дошлойн говраш чохь латто гIишлош а,
ерриг Ярушалайм-гIалахь а, Ливанун-махкахь а,
шен долахь мел долчу лаьтта тIехь шена ян лиъна
йолу массо а хIума йина дIахIоттийра Сулим-
паччахьо. [20] Исраилан халкъ доцург кхин адамаш а
дара цигахь. Уьш дара эмархойн а, хьетахойн а,
перезахойн а, хьаьвихойн а, явсайхойн а
[21] тIаьхьенех дисна адамаш, исраилхоша хIаллак ца
деш дитина долу. Царах Сулим-паччахьо белхаш
беш болу леш бинера. Уьш хIинца а тахханалц леш
бу. [22] Ткъа исраилхойх Сулим-паччахьо леш ца
бора. Уьш я паччахьан тIемалой, я тIеман
хьаькамаш, я тIеман коьрта хьаькамаш, я
гIудалкхийн а, дошлойн а эскарш карахь долуш
баьччанаш бара.

[23] Пхи бIе шовзткъе итт хьаькам вара Сулим-
паччахьан белхашна тIехь урхалла дан
дIахIоттийна. Уьш белхаш беш болчарна тIехь
хьаькамаш бара.

[24] ТIаккха, Даудан гIалара ара а яьлла, Сулим-
паччахьо шена динчу цIа чу елира пирIунан йоI.
Цул тIаьхьа Милло цIе йолу терхийн басенаш йина
дIахIиттийра паччахьо.

[25] †Ша Везачу Элана дIахIотийначу сагIа доккхучу
кхерчан тIехь дийнаташ дагоран сагIанаш а,
бертан сагIанаш а дохура Сулим-паччахьо шарахь
кхузза. Цу чохь хаза хьожа йогIу хIуманаш а
ягайора Сулим-паччахьо Везачу Элана хьалха.
Иштта дина чекхдаьккхира Сулим-паччахьо Везачу
Элан цIа.

[26] Сулим-паччахьо хIордкеманаш а дайтира Эдом-
махкарчу Эрзийн хIордан йистехь Эйлат цIе йолчу
гIалина уллора Iецйон-ГIебар олучу меттехь.
[27] ХIордах лаьцна дерг хууш болу кемалелорхой
бара Хьирам-паччахьан. Уьш Сулим-паччахьан
нахаца оцу хIордкеманашна тIехь гIуллакх дан
хьажийра Хьирам-паччахьо. [28] Оцу наха, Апар цIе
йолчу махка а бахана, цигара бархI бIе шовзткъа
пунт деши а деана, иза Сулим-паччахье дIаделира.

### Шеба-махкара йолу зуда-паччахь Сулим волчу яр
(2 Шерашкахь 9:1-12)

10 ††Шеба-махкахь йолчу зуда-паччахьна а
хезира Везачу Элан сийлаллина хилла долу
Сулим-паччахьан цIе яхар. И зуда-паччахь Сулим-
паччахьна тIееара, иза чолхечу хаттаршца
зерхьама. [2] Шеба-мехкан зуда-паччахь Ярушалайм-
гIала еара, шеца йоккха ковра а ялош. Оцу
эмкалшна тIехь доьттина дахьаш дара хаза хьожа
йогIучу бецех дина хьаккхарш а, дуккха деши а, деза
тIулгаш а. Сулим-паччахь волчу а еана, шен дагахь
мел долчух лаьцна къамел дира Шеба-махкара
еанчу паччахьо. [3] Ткъа Сулим-паччахьо цо деллачу
массо а хаттаршна жоп делира, цхьа а хаттар ца
дисира, Сулим-паччахье жоп ца далалуш. [4] Шеба-
махкара еанчу паччахьна гира Сулим-паччахьан
хьекъал хилар а, цо дина паччахьан цIа а. [5] Иштта
цунна гира кхузахь боу кхача а, паччахьан
уллоранаш Iаш болу меттиг а, ялхой оьзда хилар а,
церан духар а, цо дIахIотто чагIар а, Везачу Элан
цIийнан кертахь Сулим-паччахьо дохуш долу
дийнаташ дагоран сагIанаш а. И дерриг а шена
гича, чIогIа инзаръяьллера иза. [6] Цо элира Сулим-
паччахье: «Сайн махкахь суна хезнера хьан
гIуллакхех лаьцна а, хьан хьекъалаллех лаьцна а.
Иза бакъ хилла. [7] Амма со тешар яцара цунах, со ян
а еана, сайн бIаьргашна иза галлалц. ХIинца суна
го, сайна гинчух ах а дийцина ца хиллийла соьга.
Хьан хьекъал а, хьан хьал а соьга дийцинчул
дуккха а сов ду. [8] Мел ирс долуш хила деза хьан
адамаш. Ма ирс долуш хила беза хьан ялхой, хIора
денна хьуна гIуллакх деш, хьан хьекъале къамел
хезаш болу! [9] Декъала хуьлда хьан Веза Дела, хьо
Исраилан халкъан паччахь ван лиъна волу.
Исраилан халкъе Шен гуттаренна а болу безам
хиларна Везачу Эло хьох паччахь вина, хьоьга кхел
яйтархьама а, нийсо лелаяйтархьама а».

[10] ТIаккха цо Сулим-паччахьна цхьа бIе ткъа гали
деши а, дуккха хаза хьожа йогIучу бецийн
хьакхарш а, деза тIулгаш а делира. Шеба-мехкан
паччахьо елла хаза хьожа йогIу хIуманаш, Исраил-
махка хьалха мел еанчарел, дуккха а сов яра.

[11] (Хьирам-паччахьан хIордкеманаша а Апар-
махкара деши деара. Цу махкара Хьирам-паччахьо
деара дуккха а цIен дечиг а, деза тIулгаш а.
[12] Везачу Элан цIенна а, паччахьан цIенна а
тIегIанашна тIехула хьалаволучу хенахь, куьйгаца
схьалаьцна, хьалавала аьтто беш йолу гIортораш
яйтира Сулим-паччахьо. Иштта зурманчашна оьшу
мерз-пондарш а, дечиг-пондарш а дайтира
паччахьо оцу дечигах. ХIетталц цкъа а я деана а, я
гина а дацара оццул долу цIен дечиг.)

[13] ТIаккха Сулим-паччахьо а елира Шеба-махкара
еанчу паччахьна цунна еззнарг а, цо еххнарг а ша
совгIатна еллачул а сов. Цул тIаьхьа зуда-паччахь
ялхошца шен махка юхайирзира.

† *9:25 Арадаккхар 23:17; 34:23; Карлабаьккхинарг 16:16.*

†† *10:1-10 Маттай 12:42; Лака 11:31.*

### Сулим-паччахьан хьал
(2 Шерашкахь 9:13-29)

14 Сулим-паччахьна хIора шарахь цхьа эзар кхо
бIе ткъе шийтта пунт деши дахьара. 15 И деши
доцург, йохкаэцар лелош болчара а, совдегарша а,
берриг а Iаьрби-махкарчу паччахьаша а, шен
мехкадайша а деши дахьара Сулим-паччахьна.
16 ТIаккха туьйсинчу дешех дина ши бIе доккха
*турс* а дайтира Сулим-паччахьо. ХIора турсана ялх
бIе шекхал † туьйсина деши дахнера. 17 Иштта кхин
а кхо бIе кегий турсаш дайтира цо, хIора турсана
цхьа бIе шовзткъе итт шекхал туьйсина деши а
дуьллуш. Туьйсина дешех дина и турсаш «Ливанун-
мехкан хьун» олучу цIенош чу дIахIоттийра Сулим-
паччахьо.
18 Пийлан кIомсарех доккха паччахьан гIант
дайтира паччахьо, цунна тIе а цIена деши диллира.
19 Оцу гIантана тIеваха йиллина ялх тIегIа яра.
ГIантан букъ туху агIо тIехулара горга яра. ГIантан
шина а агIор куьйган голаш хIотторгаш яра, царна
хIоранна уллохь дина лоьмийн суьрташ дара.
20 Кхин а шийтта лоьман сурт дара, оцу ялх
тIегIанна шинна а агIор цхьацца лаьтташ. Оцу
тайпана долу паччахьан гIант хIетталц цхьанна а
пачхьалкхехь дина дацара.
21 Сулим-паччахьан хьеший тIеоьцуш лелош йолу
пхьегIаш дашо яра. «Ливанун-мехкан хьун» цIе
йолчу цIенош чохь лаьтташ йолу кхин йолу
хIуманаш а ерриг а цIеначу деших йина яра. Детих
йина хIумма а яцара, хIунда аьлча Сулим-паччахь
волчу заманахь детин мах чIогIа лахара бара.
22 Кхечу мехкашца йохкаэцаран гIуллакхна
вовшахтоьхна хIордана тIехула лелаш хинкеманаш
дара паччахьан. Уьш Хьирам-паччахьан
хIордкеманашца цхьаьна лелара. ХIора кхаа
шарахь цкъа хIордкеманаш, деши, дети, пийлан
кIомсарш, маймалш, тIаус-олхазарш а дахьаш,
юхадоьрзура.
23 Дуьненна чуьра массо а паччахьал а инзаре
дукха хьал а, хьекъалалла а долуш вара Сулим-
паччахь. 24 Дуьненна чуьра массо а адамна лаьара
Сулим-паччахь ган, Дала цунна делла долу инзаре
хьекъалалла шайна хазийтархьама. 25 Шо шаре
мел долу дукха адам догIура Сулим-паччахь
гархьама, шаьш богIуш цара хIораммо а совгIаташ
дахьара: детих а, деших а йина хIуманаш, тIеюху
бедарш, герз, хаза хьожа йогIу хIуманаш, говраш,
бIарзанаш.
26 ††Чкъургаш йолу дойн гIудалкхаш а, говраш а
гулйинера Сулим-паччахьо. Дойн гIудалкхаш цхьа
эзар йиъ бIе яра, шийтта эзар говр яра. Оцу говрех
цхьаерш царна къастийна тойинчу меттигашкахь,
ткъа кхиерш Ярушалайм-гIалахь дIахIиттайора
Сулим-паччахьо. 27 ‡Детин барам тIулгаш долччул
дукха хилла дIахIоттийра цо Ярушалайм-гIалахь.
Лаьмнийн кIажашкахь долчу диттийн барам а
дезачу баганан диттийн бараме нисдина
дIахIоттийра Сулим-паччахьо. 28 ‡†Ткъа говраш
Мисар-махкара а, Килик ‡‡ цIе йолчу махкара а
ялайора Сулим-паччахьо. Паччахьан совдегарша
Килик-махкахь и говраш ахчанах схьаоьцура.
29 Мисар-махкара яхьачу чкъургашна тIехь йинчу
дойн гIудалкхийн мах ялх бIе дато шекхал ахча
бара, ткъа цхьана динан мах цхьа бIе шовзткъе итт
дато шекхал ахча бара. Иштта уьш массо а
хьетахойн а, арамхойн а паччахьашна
схьаялайора совдегарша.

### Сулим-паччахь Дала бохучунна тIера дIаверзар

11 ‡‡†Хийрачу мехкашкара зударий безара
Сулим-паччахьна. ПирIунан йоI йоцург,
царна юкъахь бара муабахойн, Iамминхойн,
эдомхойн, цIаданхойн, хьетахойн йоIарий. 2 ‡‡‡Уьш
бара Везачу Эло исраилхошка иштта дешнаш
аьллачу оцу къаьмнех: «Аша оцу къаьмнех йолу
зуда яло мегар дац, шаьш цаьрга шайн деланашна
тIаьхьа ца хIиттадайтархьама». Амма и зударий
тIех дукха безарна, корта дIабаханера Сулим-
паччахьан. 3 Иштта, ворхI бIе зуда а, кхо бIе
*гIарбаш-зуда* а яра Сулим-паччахьан. Оцу зударша
бакъболчу некъа тIера дIаваьккхира Сулим-
паччахь. 4 Сулим-паччахь къанвелча, цу зударша
шайн деланашкахьа дIаверзийра иза. Цундела
Сулим-паччахьан дог, шен ден Даудан ма-хиллара,
шен Везачу Далла дерриг а дIаделла дацара.
5 ЦIаданхойн Iаштарт § цIе йолчу далла а, МилкIом
§† цIе йолчу чIогIа боьхачу Iамминхойн далла а
тIевирзира Сулим-паччахь. 6 Иштта Везачу Элана
хьалха шех зулам далийтира Сулим-паччахьо. Иза,
шен да Дауд санна, кхоччуш тIаьхьа ца хIоьттира
Везачу Элана. 7 ТIаккха Сулим-паччахьо
Ярушалайм-гIалина малхбалехьа лаьттачу борзана
тIехь *цIу-деланашна* Iамал ен меттигаш
дIахIиттийра: муабахойн цIунна Камошна а,
Iамминхойн цIунна Мулкана а. И цIуш Далла
хьалха боьха лоруш бу. 8 Иштта шен хийрачу
мехкашкара ялийначу массо а зудчунна шайн-
шайн деланашна баьрзнашна тIехь хIиттийначу
кхерчаш тIехь хаза хьожа йохуьйту меттигаш а,
сагIа доккху меттигаш а кечъяйтинера Сулим-
паччахьо.
9 Веза Эла оьгIазвахара Сулим-паччахьна, шена
шозза а дуьхьал хIоьттина волчу Исраилан
халкъан Везачу Делехьара цо шен дог
дIадерзадарна. 10 Везачу Эло ца магийнера Сулим-
паччахьна кхечу деланашна тIаьхьахIоттар, амма
Сулим-паччахьо кхочуш ца дира Везачу Эло шега

† *Шекхал *– цхьа шекхал итт грамм барамехь ду.** †† *10:26 Сулим 4:26.* ‡ *10:27 Карлабаьккхинарг 17:17.*

‡† *10:28 Карлабаьккхинарг 17:16.* ‡‡ *Килик *– Iебархойн маттахь: *Кхавей.** ‡‡† *11:1 Карлабаьккхинарг 17:17.* ‡‡‡ *11:2 Арадаккхар 34:16; Карлабаьккхинарг 7:3, 4.* § *Iаштарт *– иза Хьалхарчу Азехь даьхначу къаьмнийн хьийкъина ялта даларан а, безаман а дела ю бохург ду.** §† *МилкIом *– иза канаIанхойн дела ву бохург ву. Цунна сагIина дийна бераш дохьура, къаьсттина – Iамминхоша.**

дина омра. 11 ТIаккха Везачу Эло элира Сулим-
паччахье: «Хьо иштта леларна а, ахьа Соьца бина
барт лар ца барна а, Аса хьайна бина хьехамаш ахь
кхочуш ца барна а, Аса хьоьгара пачхьалкх
билггала схьайоккхур ю, иза хьан уллорачарах
цхьаннан кара а луш. 12 Амма хьан ден Даудан
дуьхьа Аса иза цкъа, хIинца хьо дийна мел ву, дийр
дац. Хьан кIентан карара дIайоккхур ю Ас и
пачхьалкх. 13 Ерриг а пачхьалкх йоккхур яц Ас
цуьнгара схьа. Сан лай хилла волчу Даудан дуьхьа
а, Айса хаьржина йолчу Ярушалайм-гIалин дуьхьа
а цхьа дакъа лур ду Ас хьан кIантана».

### Сулим-паччахьан мостагIий

14 ТIаккха Везачу Эло Эдом-махкара паччахьан
доьзалера волу ХIадад, Сулим-паччахьан мостагIа а
вина, дуьхьалваьккхира цунна. 15 Иза иштта
хилира: хьалха Дауд-паччахьо Эдом-махкаца тIом
бечу хенахь цу тIамехь белларш дIабохкархьама
веана волчу эскаран хьаькамо Йоаба балаза
бисина болу берриг а эдомхойн божарий байира.
16 Йоаб а, кхиболу исраилхой а ялх баттахь Iийра
цигахь, шаьш берриг а эдомхойн божарий
хIаллакбаллалц. 17 Ткъа ХIадад цу хенахь жима бер
дара. Иза шен ден ялхой болчу масех
эдомхочуьнца Мисар-махка дIаведдера. 18 Мадани-
махкара дIа а бевлла, уьш Паран цIе йолчу яьссачу
аренга дIабахара. ТIаккха оцу Паранера адамаш а
далош, Мисар-махкара пирIунна тIе баьхкира уьш.
И пирIун Мисар-мехкан паччахь вара, цо, ХIададна
Iан меттиг а, латта а, юург а елла, тIеийцира иза.
19 ПирIуно, ша ХIададна чIогIа резахиларна, шен
зудчун йиша яхийтира цуьнга маре. Паччахьан
зудчун цIе Тахьпанайса яра. 20 Оцу ХIададан зуда
йолчу Тахьпанайсин йишас кIант вира цунна. Оцу
кIантана Ганубати цIе тиллира. Тахьпанайсас и
кIант паччахьан керта валийра, иза пирIунан
берашца цуьнан кертахь Iаш вара. 21 Мисар-
махкахь ша Iаш волуш, ХIададна хезира, Дауд-
паччахь, вала а велла, шен дайх дIакхетта хилар а,
иштта эскаран хьаькам Йоаб а велла хилар а.
ТIаккха ХIадада элира пирIуне: «Ахь со
дIахецахьара, сайн махка цIа верза йиш хир яра
сан».
22 Ткъа пирIуно хаьттира ХIададе: «Со волчохь
хьуна хIун ца тоьънера, хьайн махка верза хьан
лаам хила?»
ХIадада жоп делира: «Дерриг а дара сан, делахь а
дIахецахьа со», – аьлла.
23 Кхин а цхьа мостагIа дуьхьалваьккхира Дала
Сулим-паччахьна. Иза вара ЭлидаIан кIант Ризун,
шен олахо волчу Цоба-мехкан паччахьах ХIадад-
Iезарх дIаведда волу. 24 Дауд-паччахьо ХIададIезар-
паччахьна тIехь толам баьккхича, шена гонах
адамаш а гулдина, оцу жимачу эскаран хьаькам
хилира ЭлидаIан кIант Ризун. Уьш Дамасакх-гIала
бахара, цигахь а бисина, паччахьаша санна,
олалла дора цара. 25 Даим, Сулим-паччахь дийна
мел ву, Исраил-мехкан мостагIа вара Ризун.
ХIадада динчу зуламашна иза а тIекхийтира. Ткъа
Ризуна, арамхойн паччахь а хилла, Исраил-
махкана зулам дора.

### Дала ЯрбаIаме делла дош

26 НабатIан кIант ЯрбаIам а велира Сулим-
паччахьна дуьхьал. ЦIарда-юьртара эпраймхо волу
ЯрбаIам Сулим-паччахьан ялхо вара. Цуьнан нана
ЦаруIат йисина Iаш яра. 27 Ткъа хIара ду ЯрбаIам
Сулим-паччахьна дуьхьалваларх лаьцна дийцар.
Сулим-паччахьо Милло цIе йолу терхийн басенаш
меттахIоттаяйтинера. Иштта шен ден Даудан
гIалина гонах долу пенаш а тодойтуш хилла иза.
28 ЯрбаIам онда стаг вара. Цо болх бечу хенахь
Сулим-паччахьна гира цу къонахчунна шен болх
дика бан хаар. ТIаккха Сулим-паччахьо Юсупан
тайпанах болчеран махкахь болх беш болчу
массарна а тIехь хьаькам хIоттийнера ЯрбаIам.
29 Цхьана дийнахь ЯрбаIам Ярушалайм-гIалара
араваьлла вогIуш вара. Новкъахь цунна шилунхо
волу, АхьъяхIу цIе йолу цхьа пайхамар
дуьхьалкхийтира. Ткъа оцу аренгахь уьш шаьш
бара. 30 ТIаккха АхьъяхIус, шена тIера цIена бедар
схьа а яьккхина, иза шийтта декъе йийкъира.
31 Цул тIаьхьа АхьъяхIус ЯрбаIаме элира: «Схьаэца
хьайна царах итт дакъа. ХIунда аьлча иштта боху
Исраилан халкъан Везачу Дала: „Ас, екъа а екъна,
схьайоккхур ю Сулим-паччахьан карара пачхьалкх.
Хьуна цунах итт дакъа дIалур ду Ас. 32 Амма цхьа
дакъа Сулиман карахь дуьтур ду Ас, Сайн лай волчу
Даудан дуьхьа а, Исраил-мехкан юкъара Айса
хаьржина йолчу Ярушалайм-гIалин дуьхьа а. 33 Иза
Ас дийр ду, Сулим-паччахь, Ас бохучунна тIера дIа а
ваьлла, цIаданхойн цIу-далла Iаштартана а,
муабахойн цIу-далла Камошна а, Iамминхойн цIу-
далла МилкIомна а *Iибадат дан* волавелла дела.
Иза, Сан некъа тIера дIа а ваьлла, Сан хьехамаш ца
лоруш, Сан весеташ кхочуш ца деш дIахIоьттина.
Цу гIуллакхашна тIехь Сулим-паччахь шен дех
Даудах ца тарвелира. 34 Амма Ас ерриг а пачхьалкх
схьайоккхур яц Айса хаьржинчу Сулим-паччахьан
карара. Сан весеташ а, Сан хьехамаш а лардина
волчу, Ас хаьржинчу Сайн лайн Даудан дуьхьа
могуьйтур ду Ас Сулимана ша велла дIаваллалц
паччахьалла дан. 35 Амма цуьнан кIентан карара
дIадоккхур ду Ас и паччахьалла, ткъа хьоьга
пачхьалкхан итт декъана тIехь олалла дойтур ду
Ас. 36 Сулим-паччахьан кIанте пачхьалкхан цхьа
дакъа лур ду Ас олалла дан, и латта Сайн лен
Даудан карахь хилийта а, Аса Сайн цIе язъяйта
хаьржина йолчу Ярушалайм-гIалахь Сайна хьалха
цуьнан тIаьхьенах волчуьнга олалла дайта а. 37 Ас
хIинца хоржу хьо, ткъа тIаьхьа ахьа олалла дийр ду
хьайн дагна лиъначу хIуманна тIехь. Хьо хир ву
Исраил-мехкан паччахь. 38 Нагахь Ас омра мел
динарг ахь кхочуш а дахь, хьо Суна тIаьхьа а
хIоттахь, ахь Сан хьехамаш а, Сан весеташ а

лардахь, Сан лай волчу Дауда лар ма-дарра, тӀаккха
Со хир ву хьоьца. Ас чӀагӀдийр ду хьан цӀа. Хьан
цӀийнах паччахьийн цӀа дийр ду Ас, Айса Даудана
ма-дарра, Исраилан халкъ Ас хьоьга дӀалур ду. 39 Ас
охьатаӀор ю Даудан тӀаьхье, Сулим-паччахьо
иштаниг шегара далийтарна, амма иза гуттаренна
а дийр дац, цхьана ханна бен“».
40 Ткъа Сулим-паччахь ЯрбаӀам вийна дӀаваккха
лууш вара. ТӀаккха ЯрбаӀам Мисар-махка
дӀаведира. Иза, Мисар-мехкан паччахь волчу
Шушакхана тӀе а вахана, Сулим-паччахь
дӀакхалххалц Мисар-махкахь Ӏийра.

### Сулим-паччахьан дӀакхалхар
(2 Шерашкахь 9:29-31)

41 Сулим-паччахьо динчу хӀуманех лаьцна – цо
мел динчух а, цуьнан хьекъалаллех а лаьцна –
яздина ду *Сулим-паччахьан гӀуллакхех долчу
тептар* тӀехь. 42 Сулим-паччахьо Ярушалаймехь
берриг а Исраил-махкана тӀехь шовзткъа шарахь
паччахьалла дира. 43 ТӀаккха Сулим-паччахь, дӀа а
кхелхина, шен дайх дӀакхийтира. Иза шен ден
Даудан гӀалахь дӀавоьллира. Сулиман метта
паччахь хилира цуьнан кӀант РахьбуӀам.

### Къилбаседера тайпанаш карзахдахар
(2 Шерашкахь 10:1-19)

12 РахьбуӀам Шехем-гӀала дӀавахара, хӀунда
аьлча берриге а исраилхой цига дӀабаханера,
иза паччахь дӀахӀотторхьама. 2 Шена иза дӀахезча,
НабатӀан кӀант ЯрбаӀам Мисар-махкахь висира.
Цигахь иза Сулим-паччахьах ведда ваххарх Ӏаш
вара. 3 Амма цара, ЯрбаӀамна тӀе нах а бахийтина,
цуьнга юхаверзар дийхира. ТӀаккха ЯрбаӀам а,
массо исраилхой а РахьбуӀам волчу дӀабахча,
халкъо цуьнга элира: 4 «Хьан дас тхан коча деза
дукъ диллира. Цо тхоьга дайтина къиза гӀуллакхаш
а, тхан коча диллина деза дукъ а ахь хӀинца
дайдехьа. ТӀаккха оха хьуна хьалхара гӀуллакх дийр
дара».
5 РахьбуӀама элира: «Кхо де даьлча юхадуьйла
суна тӀе, аса жоп лур ду шуна». Халкъ дӀадахара.
6 РахьбуӀам-паччахь къанойх дагавелира. Оцу
къаноша цуьнан дена Сулимна хьехамчаша санна
гӀуллакх дора иза дийна волчу хенахь. РахьбуӀама
хаьттира цаьрга: «Аса оцу халкъе хӀун аьлча
бакъахь хета шуна?» – аьлла.
7 Къаноша цуьнга жоп делира: «Нагахь,
таханлерчу дийнахь хьо оцу халкъана ялхо а
хилла, ахьа царна гӀуллакх а дахь, цаьрца ахьа
эсала къамел а дахь, уьш массо а хенахь хьуна
ялхой хилла лелар бу».
8 Амма шега къаноша бина хьехам РахьбуӀама
дӀатеттира. Шеца кхиъна болчу а, шена гӀуллакх
деш болчу а кегийрхойх дагавелира иза. 9 Цо
кегийрхошка хаьттира: «Аса хӀун жоп дала деза
аьлла хета шуна оцу нахе? Цара соьга боху: „Хьан
дас тхан коча диллина деза дукъ дайдехьа“».
10 РахьбуӀамца цхьаьна кхиъначу кегийрхоша
элира: «Хьан дас шайн коча диллина деза дукъ
дайдар доьхучу оцу халкъе ахьа иштта ала: „Сан
цӀазапӀелг сан ден гӀодаюкъал а стомма бу. 11 Сан
дас шун коча деза дукъ диллинера, ткъа аса и дукъ
кхин а даздийр ду. Сан дас шед еттарца таӀзар дора
шуна, ткъа аса, сту лоцучу гезго къовзош санна
хетадолуьйтуш, таӀзар дийр ду шуна“».
12 Паччахьо шайга аьлла ма-хиллара, ЯрбаӀам а,
дерриг халкъ а кхозлагӀчу дийнахь РахьбуӀамна
тӀедеара. 13 Паччахьо халкъе дера жоп делира.
Къаноша шена дина хьехар дӀа а теттина,
14 кегийрхоша шена динчу хьехаре хьаьжжина,
РахьбуӀама халкъе элира: «Сан дас шун коча деза
дукъ диллинера, ткъа аса и дукъ кхин а даздийр ду.
Сан дас шед еттарца таӀзар дора шуна, ткъа аса, сту
лоцучу гезго къовзош санна хетадолуьйтуш, таӀзар
дийр ду шуна». 15 Иштта паччахьо ла ца дуьйгӀира
халкъо шега бохучуьнга, хӀунда аьлча иза Везачу
Эло нисдинера, Ша НабатӀан кӀанте ЯрбаӀаме
шилунхо волчу АхьъяхӀугахула аьлларг
кхочушхилийтархьама.
16 †Массо а исраилхоша, паччахьо шайга ла ца
дугӀийла гича, паччахье элира:
«Вай Даудан цӀийнах схьадевлла ма дац!
Юшайн кӀентан цӀийнаца доьзна ма дац вай!
Цундела шайн-шайн цӀа дерза шу, исраилхой.
Даудан кӀанта ша дойла шен цӀентӀехь олалла!»
Иштта исраилхой шайн-шайн цӀа дӀасабахара.
17 Ткъа РахьбуӀама ЯхӀуд-мехкан гӀаланашкахь Ӏаш
болчу исраилхошна тӀехь паччахьалла дира.
18 Цо белхалошна тӀехь хьаькам волу Адунурам
вахийтира халкъана тӀе, амма исраилхоша иза, тӀе
тӀулгаш кхиссина, вийра. Ткъа паччахь волу
РахьбуӀам сихха гӀудалкхა чу хиира, Ярушалайме
дӀавадархьама. 19 Иштта тахханалц а Даудан цӀенна
дуьхьалбевлла Ӏаш бу исраилхой.
20 ЯрбаӀам цӀа вирзина аьлла шайна хезча,
исраилхоша, цунна тӀаьхьа нах а бахийтина, иза,
гуламе схьа а кхайкхина, дерриг а Исраилан
халкъана тӀехь паччахь вина дӀахӀоттийра. ЯхӀудан
тайпанах берш бен ца хӀиттира Даудан цӀийнах
болчарна тӀаьхьа.

### ШамӀа-ЯхӀу-пайхамаро бина хаам
(2 Шерашкахь 11:1-4)

21 РахьбуӀама, Ярушалайме схьа а веана, дерриге
а ЯхӀудан цӀийнах а, Бен-Яманан тӀаьхьенах а волу
цхьа бӀе везткъа эзар тоьлла тӀемало схьагулвира.
Исраилан цӀийнах болчаьрца тӀом а бина, Сулим-
паччахьан кӀентан РахьбуӀаман кара паччахьалла
юхадерзорхьама дира цо иза. 22 ШамӀа-ЯхӀу цӀе
йолчу Делан стаге Дала элира: 23 «Сулиман кӀант
волчу яхӀудхойн паччахье РахьбуӀаме а, ЯхӀудан,
Бен-Яманан тӀаьхьенах болчу массаьрга а,
кхидолчу халкъе а дӀаала: 24 „Иштта боху Везачу
Эло: ‘Шайн вежарий болчу исраилхошца тӀом бан

† *12:16 Дауд 20:1.*

ма гIолаш. ХIорра а шен-шен цIа юхаверза, хIунда
аьлча и хилларг дерриг а Соьгара дара‘“». Везачу
Эло бохучуьнга ла а доьгIна, уьш Цо ма-бохху
юхабирзира.

### ЯрбаIам Делах дIаверзар

25 ЯрбаIама Эпрайм-лам тIехь йолу Шехем-гIала
чIагIийира. Иза цу чохь ваха охьахиира. Эццара дIа
Пенуал-гIала а вахана, иза чIагIийира цо. 26 Шен
дагахь ЯрбаIама бохура: «Паччахьалла дар юха а
Даудан тIаьхьенан карадерза там бу. 27 Нагахь
халкъо, Ярушалайме а оьхуш, Везачу Элан цIийнан
кертахь сагIа даккха доладахь, адамийн дегнаш
юха а яхIудхойн паччахь волчу РахьбуIамна
тIедоьрзур ду. ТIаккха цара со вуьйр ву».
28 †ЯрбаIама, ойла а йина, деших ши эса а
доттийтина, халкъе элира: «ТIех дукха ихира шу
Ярушалайме. Ва Исраилан халкъ, хьо Мисар-
махкара арадаьккхина хьан деланаш хIорш бу».
29 Цхьа дашо эса Бетал-гIалахь, важа – Дан-гIалахь
дIахIоттийра цо. 30 Цу гIуллакхо халкъе къинош
летадойтура. Ур-атталла Дан-гIала а оьхура нах оцу
шаьш динчу эсашна *Iибадат дан*. 31 Иштта гунаш
тIехь Везачу Элан а, харцделанийн а цIенош
догIийтира ЯрбаIама. Массо а халкъана юкъарчу
нахах динан дай бина дIахIиттийра цо, уьш Левин
тIаьхьенах боццушехь.

### Бетал-гIалахь Iибадат дарна дуьхьал дош алар

32 ††Шеран борхIалгIачу беттан пхуьйтталгIачу
дийнахь ЯхIуд-махкахь даздеш хиллачу кепара
деза де билгалдаьккхира цо. Оцу дезачу дийнахь
сагIа доккхучу кхерчана тIехь сагIанаш дохура цо.
Изза дира цо Бетал-гIалахь а, деших ша динчу
эсашна сагIанаш а дохуш. Бетал-гIалахь ша динчу
сагIа доккхучу гунаш тIехь гIуллакх деш динан дай
дIахIиттийра цо. 33 Шеран борхIалгIачу беттан
пхуьйтталгIачу дийнахь, ша билгалбаьккхинчу
баттахь, исраилхошна ша хIоттийначу дезачу
дийнахь, ша дIахIоттийначу сагIа доккхучу
кхерчана тIе вахара иза, цигахь дийнаташ дагоран
сагIанаш дахархьама.

13 ЯрбаIам-паччахь сагIа доккхучу кхерчана
тIехь дийнаташ дагоран сагIа даккха воллучу
хенахь, Везачу Элан омрица ЯхIуд-махкара цхьа
Делан стаг Бетал-гIала веара. 2 ‡Везачу Элан
омрица оцу стага сагIа доккхучу кхерче элира: «Ва
*сагIа доккху кхерч*! Везачу Эло хIара боху: „Даудан
цIийнах кIант вер ву, Юши-ЯхIу цIе йолу. СагIа
доккхучу гунаш тIехь гIуллакх а деш, цигахь
сагIанаш доху динан дай, байа а байина, хьуна
тIехь сагIина бахьар бу цо, хьуна тIехь адамийн
даьIахкаш ягор ю“». 3 Оццу дийнахь Делан стага
цхьа билгало елира, иштта дешнаш а аьлла: «И
дешнаш Везачу Элера хиларан билгалонна хIара
хир ду: и лаьтташ болчу сагIа доккхучу кхерчах,
эккха а иккхина, ши дакъа хир ду, цунна тIера чим
дIаса а баьржар бу».
4 Делан стага Бетал-гIалахь сагIа доккхучу
кхерчехьа а вирзина аьлла дешнаш шена хезча,
ЯрбаIама, шен куьг дIа а кховдош, элира:
«Схьалаца иза!» ТIаккха Делан стагехьа
дIакховдийна долу цуьнан куьг заьIап хилира.
ЯрбаIаме шен куьг меттах а ца даккхалора. 5 СагIа
доккху кхерч шина декъе бекъабелира, цунна тIера
чим дIаса а баьржира. Иза хилира Делан стага
йинчу билгалонца, Везачу Эло цунна омра ма-
дарра. 6 ЯрбаIам-паччахьо Делан стаге элира:
«Хьайн Везачу Деле суна тIера доIа а дай, дехахьа
сан куьг тодар».
Делан стага Везачу Эле дийхира. Паччахьан куьг,
ша хьалха ма-хиллара, тоделла дIахIоьттира.
7 Паччахьо Делан стаге элира: «Ахьа, соьца цIа чу а
волий, яа хIума яа. Аса хьуна совгIат дийр ду».
8 Амма Делан стага паччахье элира: «Ахьа хьайн
бахамах ахдакъа суна делча а, вогIур вац со
хьоьца. Аса бепиг а дуур дац, хи а мер дац хIокху
меттехь, 9 хIунда аьлча Везачу Эло тIедиллина суна:
„Бепиг а ма даалахь, хи а ма малалахь эццахь, хьо
дIаваханчу новкъахула юха а ма верзалахь“, –
аьлла». 10 Бетал-гIала ша схьавеанчу новкъахула а
ца воьдуш, кхечу новкъахула юхавирзира иза.

### Бетал-гIалара къена пайхамар

11 Бетал-гIалахь вехаш вара пайхамар волу цхьа
къано. Оцу пайхамаран кIенташа ‡†, бахка а
баьхкина, Делан стага цу дийнахь динарг дерриг а
дIадийцира цуьнга. Иштта Делан стага паччахьна
мел аьлларг дIадийцира пайхамаран кIенташа.
12 Дас хаьттира цаьрга: «Муьлхачу новкъахула
дIавахара иза?» КIенташа шайн дена гайтира
муьлхачу новкъахула дIавахара ЯхIуд-махкара
веана волу Делан стаг. 13 Пайхамаро шен кIенташка
элира: «Суна вир дIайожа». Вир дIаюьйжира, иза
цунна тIехиира. 14 Пайхамар Делан стагана
тIаьхьавахара. Иза ножан диттана кIел хиъна Iаш а
карийна, пайхамаро цуьнга хаьттира: «Хьо вуй и
ЯхIуд-махкара веана хилла волу Делан стаг?»
Вукхо элира: «Со ву».
15 Пайхамаро элира: «Сан цIа чу а волий, бепиг
даа хьайна».
16 Вукхо жоп делира: «Юха а вирзина, хьан цIа
вогIийла дац сан. Дуур дац аса хьо волчохь бепиг а,
мер дац аса кхузахь хи а, 17 хIунда аьлча Везачу
Элан дош ду соьга: „Эццахь бепиг а ма даалахь, хи
а ма малалахь, хьо дIаваханчу новкъахула юха а ма
верзалахь“», – аьлла.
18 Пайхамаро элира: «Со а ву хьо санна пайхамар.
Везачу Элан омрица цхьана малико соьга аьлла:
„Хьайн цIа юхаверзаве иза. Цуьнга бепиг а даийта,

† *12:28 Арадаккхар 32:4.* †† *12:32, 33 Iамалъяр 23:33, 34.*
‡ *13:2 ТIаьхьарнаш 23:15, 16.*

‡† *КIенташа *– иштта ду цхьадолчу ширачу гочдарш тIехь. Iебархойн маттахь: *кIанта.**

хи а малийта“». Амма пайхамаро аьлларг харцдерг
дара.
19 Цо шега и аьлча, Делан стага, юха а вирзина,
пайхамаран цIахь бепиг а диира, хи а мелира.
20 Уьш яа хIума юуш бохкуш, и стаг юхаверзийначу
пайхамаре Везачу Элан дош кхечира. 21 ЯхIуд-
махкара веанчу Делан стаге пайхамаро элира:
«Везачу Эло хIара боху: „Ахьа Везачу Эло
аьллачуьнга ла а ца дугIуш, хьан Везачу Дала
бохург а ца деш, 22 юха а вирзина, Дала хьайга
‘бепиг ма даалахь, хи ма малалахь’ аьллачу оцу
меттехь ахьа бепиг а даарна, хи а маларна, хьан
дакъа дайн къубба чу дуьллур дац“».
23 Делан стаг бепиг диъна а, хи мелла а ваьлча,
пайхамаро вир дIаюьйжира цунна. 24 И стаг
дIаволавелира. Иза новкъахула воьдуш, дуьхьал
лом кхийтира цунна. Лоьмо и стаг цистира.
Новкъахь Iуьллучу цуьнан докъана уллохь лом а,
вир а латтара. 25 Уллохула чекхдовлучу адамашна
новкъахь дIатесна Iуьллу дакъа а, цунна юххехь
латта лом а гира. Пайхамар волу и къано вехаш
волчу гIала а бахана, оцу наха и дерриг а
дIадийцира.
26 И дерриг а шена дIахезча, стаг юхаверзийначу
пайхамаро элира: «Везачу Элан дашна дуьхьало
йина волу Делан стаг ву иза. Везачу Эло лоьман
кара дIавелира иза. Везачу Эло цуьнга аьлла ма-
хиллара, лоьмо, цеста а цестина, иза вийра».
27 Пайхамаро шен кIенташка элира: «ДIайожал суна
вир». КIенташа вир дIаюьйжира. 28 Пайхамар
новкъавелира. Новкъахь дIатесна Iуьллу Делан
стеган дакъа гира цунна. Ткъа цунна уллохь
латташ виррий, ломмий дара. Лоьмо дакъа а ца
диънера, вир а ца цистинера. 29 Пайхамаро, Делан
стеган дакъа схьа а эцна, иза вир тIе а диллина,
юхадеара. Пайхамар волу и къано шен гIала
юхавирзира, цуьнан дакъа дIа а дуллуш, белхар
хIотторхьама. 30 Пайхамаро и дакъа шен къубба чу
диллича, иза а, цуьнан кIентий а Делан стагана
боьлхура: «Маржа-яI, сан ваша!» – бохуш. 31 И стаг
дIавоьллинчул тIаьхьа цо шен кIенташка элира:
«Со велча, и Делан стаг дIавоьллинчу къубба чохь
дIаволла со а. Цуьнан даьIахкашна улло сан
даьIахкаш а яхка. 32 ХIунда аьлча билггал кхочуш
хир ду оцу стага, шена Везачу Эло тIе-ма-диллара,
Бетал-гIаларчу сагIа доккхучу кхерчана дуьхьал а,
Шамран-махкарчу гIаланашкахь болчу гунашкахь
латтачу харцделанийн цIеношна дуьхьал а
аьлларг».

### ЯрбаIама бохам боккхуш латийна къа

33 И хIума хиллачул тIаьхьа а шен харцнекъаш
тIера дIа ца велира ЯрбаIам. Массо а халкъана
юкъара схьа а оьций, сагIа доккхучу гунийн динан
дай дIахIиттабора цо. Шена дIахIитто мел лиънарш
ЯрбаIама къобалбора сагIа доккхучу гунашна тIехь
динан дайша санна гIуллакхдарна. 34 Оцу гIуллакхо
ЯрбаIаман цIентIехь мел волчуьнга къинош
летадойтура, ткъа и бахьана долуш тIаьхьо цуьнан
тIаьхьенна бохам хилира, иза латта тIера дIа а
йоккхуш.

### ЯрбаIаман кIант валар

14 Цу хенахь ЯрбаIаман кIант Аби-ЯхIу цомгуш
хиллера. 2 ЯрбаIама шен зудчуьнга элира:
«Яло, хьо сан зуда юйла ца хаийта, хьайна тIе
хийцина хIума а юхий, Шилун-гIала гIо. Цигахь
вехаш АхьъяхIу цIе йолу цхьа пайхамар ву. Со
хIокху халкъан паччахь хилла дIахIоттор ву аьлла,
хаам бинера цо. 3 Хьайца итт бепиг, масех хьоккхам,
кхаби чохь моз а хьош, и пайхамар волчу гIо. Цо эр
ду хьоьга вайн кIантах хиндерг».
4 Зудчо ЯрбаIама боххург дира. Иза, Шилун-гIала
а яхана, АхьъяхIун цIа еара. АхьъяхIу са гуш
вацара. ЧIогIа къена хиларна, цуьнан бIаьрса
дайнера. 5 Везачу Эло АхьъяхIуга элира:
«ЯрбаIаман зуда ю хьуна тIе йогIуш, шен кIантах
хиндерг хьоьга хаттархьама. И кIант цомгуш ву. И
зуда ша ца йовзийта тIе хийцина хIума юьйхина
хир ю». ТIаккха Везачу Эло цуьнга элира оцу
зудчуьнга ала дезарг.
6 ЧуйогIучу оцу зудчун когийн тата шена хезча,
АхьъяхIус элира: «Чуйола, ЯрбаIаман зуда. Ахьа
хьайн йоцу бедар тIе хIунда юьйхира? Вон кхаъ бу
сан хьоьга ала. 7 Яло, дIа а гIой, ЯрбаIаме ахьа ала:
„Иштта боху Исраилан халкъан Везачу Дала:
‘Дерриге а халкъана юкъара хьо лакха а ваьккхина,
Сайн Исраилан халкъан баьчча вина дIахIоттийра
Аса. 8 Даудан цIийнан паччахьалла, схьа а
даьккхина, Аса хьан кара делира. Амма хьо сан
ялхо волу Дауд санна вац. Дауда сан весеташ а
кхочушдора, шен доггах Суна тIаьхьа а хIоьттира
иза, Суна нийса хеташ дерг бен ца деш. 9 Ткъа хьо
хьайл хьалха хиллачу массо а паччахьел а сов
зуламаш деш хили. Со оьгIаз а вохуьйтуш,
лалийначу хIуманах цIуш а бина, хьайна кхин
деланаш дIахIиттийна ахь, ткъа Со-м кхоччуш
дIатеттина ахь. 10 †Цундела Аса ЯрбаIаман цIенна
тIе бохам боуьйтур бу. ЯрбаIаман цIентIера хIора
боьрша стаг – чувоьллина я маьрша иза велахь а –
хIаллаквийр ву Аса. Чим ца буьтуш, ягийна кхелли
санна, дамардарц дина дIадоккхур ду Аса
ЯрбаIаман цIа. 11 ЯрбаIаман цIийнах волу гIали
чохь велла муьлхха а стаг жIаьлеша ввур ву.
Аренгахь беллачарна стигалан олхазарша зIок
еттар ю. Иштта боху Везачу Эло!’“»
12 ТIаккха АхьъяхIу-пайхамаро ЯрбаIаман
зудчуьнга элира: «Ткъа хIинца хьайн цIа гIо. Ахьа
гIали чу ког боккхушехь, хьан кIант лийр ву.
13 Дерриг а Исраилан халкъо белхар хIоттор ду,
тIаккха иза дIавуллур ву. ЯрбаIаман доьзалх иза
цхьаъ бен дIавоьллина хир вац, хIунда аьлча
ЯрбаIаман цIийнах болчарна юкъахь бен цхьа а
диканиг ца карийна Исраилан халкъан Везачу
Далла. 14 Везачу Эло Исраилан халкъана тIехь

† *14:10 Сулим 15:29.*

керла паччахь хIоттор ву. Цо ЯрбаIаман цIа
хIаллакдийр ду. Иза кестта хир ду. 15 Хино лестош
болу эрз санна хилла, дIахIоттор ду Везачу Эло
Исраилан халкъ Шен таIзарца. Ша исраилхойн
дайшна деллачу токхечу латта тIера орамашца
бухдоккхур ду Везачу Эло и халкъ. Оцу халкъо, Веза
Эла дарвеш, шайна Ашера-далла лерина долу
дечиган бIогIамаш дIахIитторна, Эпрат-хил дехьа а
даькхина, дIасадаржор ду иза. 16 ЯрбаIам-
паччахьо ша летийна долу а, Исраилан халкъе
летадайтина долу а къинош бахьанехь, Везачу Эло
Исраилан халкъ дуьтур ду».
17 ЯрбаIаман зуда, хьала а гIаьттина, Тирца-гIала
юхайирзира. Цо шен цIа чу ког боккхушехь, цуьнан
кIант велира. 18 Везачу Эло Шен ялхо волчу
АхьъяхIу-пайхамарехула ма-аллара, и кIант
дIавоьллира, массо а исраилхоша цунна белхар
хIоттийра.

### ЯрбаIаман валар

19 ЯрбаIам-паччахьо динчу хIуманех лаьцна – цо
мел динчух а, цо бинчу тIамех а, цо динчу
паччахьаллех а лаьцна – яздина ду *Исраилхойн
паччахьийн тептар* тIехь. 20 ЯрбаIама ткъе шина
шарахь паччахьалла дира. ТIаккха, дIа а кхелхина,
иза шен дайх дIакхийтира. Цуьнан метта паччахь
хилла дIахIоьттира цуьнан кIант Надаб.

### ЯхIудхойн паччахь РахьбуIам
(2 Шерашкахь 11:5–12:15)

21 Сулим-паччахьан кIант РахьбуIам яхIудхойн
паччахь вара. РахьбуIам паччахь хилла дIахIуттуш
цуьнан шовзткъе цхьа шо дара. Везачу Эло, Шен
цIе язъяйтархьама, Исраил-мехкан гIаланашна
юкъара схьахаьржинчу Ярушалайм-гIалахь
вуьрхIитта шарахь паччахьалла дира цо.
РахьбуIаман ненан цIе НаIмат яра. Иза Iамминхо
яра.
22 ЯхIудан халкъо Везачу Элана зуламе хеташ долу
гIуллакхаш дора. Шаьш летош долчу къиношца
шайн дайша чул а сов дарвора яхIудхоша Веза Эла.
23 †Цара шайна сагIа доккху гунаш а,
харцделанашна хIиттийна тIулгаш а, Ашера-
харцдалла лерина долу дечиган бIогIамаш а
дIахIиттадора муьлххачу а лекхачу меттигехь а,
муьлххачу а IиндагI луш долчу дитта кIелахь а.
24 ††Оцу махкахь а бара цIуйн дуьхьа сийсаза лелаш
болу «базбина» божарий. Везачу Эло Исраилан
халкъана хьалхара дIалелхийначу наха мел
лелийна дегаза гIуллакхаш леладора яхIудхоша а.
25 ‡РахьбуIам паччахь волу пхоьалгIа шо долуш,
Мисар-мехкан паччахь волу Шушакх
Ярушалаймана тIелетира. 26 ‡†Везачу Элан цIа чуьра
а, паччахьан цIа чуьра а ерриге а еза хIуманаш
дIаяьхьира цо. Сулим-паччахьо дайтина дашо
турсаш а цхьаьна, дерриг хIума а дIадаьхьнера.
27 Церан метта РахьбуIам-паччахьо цIестан турсаш
дайтира. Уьш паччахьан цIийнан ков лардечу
гIаролхойн хьаькамийн караделира. 28 Паччахь
хIоразза а Везачу Элан цIа чу волуш, гIаролхоша и
турсаш схьаоьцура. Цул тIаьхьа гIаролхойн цIа чу
шен метте охьадохкура цара уьш.
29 РахьбуIаман кхидолчу гIуллакхех а, цо мел
динчух а лаьцна яздина ду *ЯхIудхойн паччахьийн
тептар* тIехь. 30 РахьбуIамна а, ЯрбаIамна а юкъахь
ца соцуш тIом лаьттира. 31 ТIаккха РахьбуIам, дIа а
кхелхина, шен дайх дIакхийтира. Иза царна уллохь
Даудан гIалахь дIавоьллира. Цуьнан ненан цIе
НаIмат яра. Иза Iамминхо яра. РахьбуIаман метта
цуьнан кIант Аби-ЯхIу дIахIоьттира паччахь хилла.

### ЯхIудхойн паччахь Аби-ЯхIу
(2 Шерашкахь 13:1–14:1)

15 НабатIан кIанта ЯрбаIама исраилхошна тIехь
паччахьалла деш долу берхIитталгIа шо
долуш, Аби-ЯхIу яхIудхойн паччахь хилла
дIахIоьттира. 2 Ярушалаймехь кхаа шарахь
паччахьалла дира цо. Цуьнан ненан цIе МаIха яра.
Иза Абушаламан йоI яра. 3 Аби-ЯхIу-паччахьо а
летадора хьалха шен дас летийна доллу къинош.
Цуьнан ден да волу Дауд шен Везачу Далла даггара
тIевирзина вара, ткъа Аби-ЯхIу Везачу Далла
даггара тIевирзина вацара. 4 ‡‡Иза иштта делахь а,
Даудан дуьхьа цуьнан Везачу Дала цунна
Ярушалаймехь йолу тIаьхье елира. Цул тIаьхьа
паччахь хилийтархьама, Дала цунна кIант велира,
ткъа Ярушалайм-гIала Дала чIагIийра. 5 ‡‡†Везачу
Дала иштта дира, хIунда аьлча Дауда гуттара а
Далла нийса хетарг лела а дора, ша мел веха а Дауд
цкъа а Везачу Элан весеташ тIера дIа ца велира,
хьетахо волчу УрьяхIуна ша динчу цхьана
хIуманна тIехь доцург. 6 ‡‡‡Аби-ЯхIу ваьхначу ерриге
а заманахь РахьбуIамна а, ЯрбаIамна а юкъахь
тIом лаьттира. 7 Аби-ЯхIун кхидолчу гIуллакхех а, цо
мел динчух а лаьцна яздина ду *ЯхIудхойн
паччахьийн тептар* тIехь. Аби-ЯхIуна а, ЯрбаIамна
а юкъахь а тIом лаьттира. 8 Аби-ЯхIу, дIа а
кхелхина, шен дайх дIакхийтира. Иза Даудан
гIалахь дIавоьллира. Аби-ЯхIун метта паччахь
хилира цуьнан кIант Аса.

### ЯхIудхойн паччахь Аса
(2 Шерашкахь 15:16–16:6)

9 ЯрбаIама Исраил-махкахь паччахьалла ден
ткъолгIа шо долуш, яхIудхойн паччахь хилира Аса.
10 Цо шовзткъе цхьана шарахь паччахьалла дира
Ярушалаймехь. Цуьнан ненан цIе МаIха яра. Иза
Абушаламан йоI яра. 11 Аса-паччахьо, ша
схьаваьллачу Дауда санна, Везачу Элана нийса
хеташ долу гIуллакхаш дора. 12 §Оцу махкара цIуйн
дуьхьа сийсаза лелаш болу «базбина» божарий дIа

† 14:23 ТIаьхххьарнаш 17:9, 10. †† 14:24 Карлабаькхинарг 23:17. ‡ 14:25 2 Шерашкахь 12:2-8. ‡† 14:26 Сулим 10:16, 17; 2 Шерашкахь 9:15, 16.

‡‡ 15:4 Сулим 11:36. ‡‡† 15:5 Дауд 11:1-27. ‡‡‡ 15:6 2 Шерашкахь 13:3-21. § 15:12 2 Шерашкахь 15:8-15.

а лелхийна, шен дайша вина массо а цIу
дIаваьккхира цо. 13 Ур-атталла шен ден нана МаIха
а паччахьан цIе лелорах яьккхира Асас, цо Ашера-
харцдалла лерина дегаза болу бIогIам
дIахIотторна. И цIу, цеста а цистина, Кхидрун-тогIи
чохь вагийна дIаваьккхира Аса-паччахьо. 14 СагIа
доккху гунаш дIа ца дехира цо. Амма ша дийна
волчу хенахь Везачу Элана тешаме вара иза. 15 Шен
дас а, ша а Далла къобалйина йолу пхьегIаш а,
дато а, дашо а хIуманаш а Везачу Элан цIа чу
ехкира Аса-паччахьо.
16 Аса-паччахьна а, исраилхойн паччахьна
БаIшина а юкъахь тIом лаьттира цу шиммо
паччахьалла динчу массо а хенахь. 17 Исраилхойн
паччахь БаIша ЯхIуд-махкана тIелетира. Цо Рама-
гIала чIагIийра, цхьа а Аса-паччахьан лаьтта тIе я
ара, я чу ца валийтархьама. 18 Везачу Элан цIа
чуьра а, паччахьан цIера а хазнаш чохь дисина
долу дерриг дети а, деши а, схьа а эцна, иза шен
ялхойн кара дIаделира Аса-паччахьо. ТIаккха
цаьрга и дерриг дети а, деши а дIадахьийтира цо
Хьезиюнан кIентан ТIабримунан кIант волчу Бен-
Хьадиде. Бен-Хьадид Дамасакх-гIалахь Iаш волу
Арам-мехкан † паччахь вара. Аса-паччахьо
цаьргахула хаам бира: 19 «Барт бойла суна а, хьуна
а юкъахь, сан дена а, хьан дена а юкъахь ма-
хиллара. Аса совгIатна дети а, деши а доуьйту
хьуна. Ахьа хьайна а, исраилхойн паччахь волчу
БаIшина а юкъахь болу барт бохабе, иза суна
тIегIоьртина волчуьра дIавалийтархьама».
20 Аса-паччахьо бохучуьнга ладуьйгIира Бен-
Хьадида. Цо шен тIеман хьаькамаш бахийтира
Исраил-мехкан гIаланашна тIелата. Бен-Хьадид-
паччахьо толам баьккхира Iаюн а, Дан а, Абал-
Байт-МаIак а гIаланашна а, берриг Наптал-махкана
а тIехь, шена чу Канарот-мохк а богIуш. 21 И дерриг
а шена хезча, БаIша-паччахь, Рама-гIаланах
чIагIонан гIап яр саца а дина, Тирца-гIалахь ваха
охьахиира.
22 Ткъа Аса-паччахьо берриг а ЯхIуд-махкахула
халкъе омра дора, цхьа а стаг юкъахь ца вуьтуш,
массо а яхIудхоша Рама-гIалара тIулгаш, дечиг
арадаккха аьлла. Уьш БаIша-паччахьо и гIала
чIагIъян гулдина дара. Ткъа Аса-паччахьо цаьрца
Бен-Яманан ГибаI-гIала а, МицIпа-гIала а чIагIийра.
23 Аса-паччахьо динчу кхидолчу массо а хIуманех
лаьцна – цуьнан майрачу гIуллакхех, цо мел
кхочушдинчух, цо чIагIъяйтинчу гIаланех лаьцна –
яздина ду *ЯхIудхойн паччахьийн тептар* тIехь. Ткъа
Аса-паччахь къанвелча, цуьнан когех цамгар
кхийтира. 24 ТIаккха Аса-паччахь, дIа а кхелхина,
шен дайх дIакхийтира. Царна уллохь иза Даудан
гIалахь дIавоьллира. Цуьнан метта паччахь
хIоьттира ЯхIушапти.

### Исраилхойн паччахь Надаб

25 Аса-паччахьо ЯхIуд-махкахь олалла дечу
шолгIачу шарахь ЯрбаIаман кIант волу Надаб
исраилхойн паччахь хилира. Надаба шина шарахь
паччахьалла дира исраилхошна тIехь. 26 Цо Везачу
Элана зуламе хеташ долу гIуллакхаш дора. Шен дас
лелийна некъаш цо а леладора, ткъа шен дас
исраилхошка латадайтина къа цо а латадора.
27 Иссархананан тайпанах волчу АхьъяхIун кIанта
БаIшас, Надаб-паччахьна дуьхьал ямартлонца барт
а бина, иза пIелаштамхойн Габитун-гIалахь вийра.
Иза дара Надаба а, массо а исраилхоша а Габитун-
гIалина го бинчу хенахь. 28 ЯхIудхойн паччахьо
Асас паччахьалла ден кхоалгIа шо долуш вийра
БаIшас Надаб-паччахь. ТIаккха цуьнан метта
паччахь хилла дIахIоьттира БаIша.
29 ††БаIшас, ша паччахь дIа-ма-хIоьттина,
ЯрбаIаман берриг а доьзал хIаллакбира. ЯрбаIаман
цIийнах цхьа а дийна ца вуьтуш, Везачу Эло Шен
ялхо волчу а, шилунхо волчу а АхьъяхIугахула
аьлла ма-хиллара, уьш берриш а хIаллакбира цо.
30 И дерриге а хилира, ша летийнчу къиношца а,
ша Исраилан халкъе летадайтинчу къиношца а
ЯрбаIама Исраилан халкъан Веза Дела
оьгIазвахийтина дела.
31 Надаб-паччахьан кхидолчу гIуллакхех а, цо мел
динчух а лаьцна яздина ду *Исраилхойн
паччахьийн тептар* тIехь. 32 Аса-паччахьна а,
исраилхойн паччахь волчу БаIшина а юкъахь тIом
лаьттира цара паччахьалла динчу массо а хенахь.

### Исраилхойн паччахь БаIша

33 Аса-паччахьо ЯхIуд-махкахь олалла дечу
кхоалгIачу шарахь массо а исраилхошна тIехь
паччахь хилла дIахIоьттира АхьъяхIун кIант БаIша.
Тирца-гIалахь а Iаш, цо исраилхошна тIехь ткъе
деа шарахь паччахьалла дира. 34 БаIша-паччахьо
Везачу Элана зуламе хеташ долу гIуллакхаш дора.
Шен дас ЯрбаIама лелийна некъаш цо а леладора,
ткъа шен дас исраилхошка латадайтина къа цо а
латадора.

16 Хьананин кIант волчу ЯхIу-пайхамаре Везачу
Эло, БаIша-паччахьна лерина хаам а беш,
элира: 2 «Аса хIумма а воцучу хьох Сайн Исраилан
халкъан баьчча вира, ткъа хьо ЯрбаIам-паччахьан
новкъахула вахана, Сан Исраилан халкъ къинойх а
дузуш. Цара шаьш летош долчу къиношца Со
дарвина. 3 ХIинца Аса дIавоккхур ву хьо а, цуьнан
цIийнах мел верг а. НабатIан кIентан ЯрбаIаман
цIенна диннарг дийр ду Аса хьан цIенна а. 4 Хьан
цIийнах волу гIалахь велларг жIаьлеша вуур ву.
Ткъа аренгахь веллачунна стигалан олхазарша
зIакарш еттар ю».
5 БаIша-паччахьан кхидолчу хIуманех лаьцна – цо
мел кхочушдинчух а, цуьнан майрачу гIуллакхех а

† *Арам-мохк *– иза хIинцалерчу Сири-мехкан цхьа дакъа хилла.**

†† *15:29 Сулим 14:10.*

лаьцна – яздина ду *Исраилхойн паччахьийн тептар*
тIехь. 6 БаIша, дIа а кхелхина, шен дайх
дIакхийтира. Иза Тирца-гIалахь дIавоьллира.
БаIшин метта паччахь дIахIоьттира цуьнан кIант
Эли.
7 Шен иштта дешнаш аьллера Везачу Эло
Хьананин кIант волчу ЯхIу-пайхамарехула БаIше а,
цуьнан цIийнах болчаьрга а, цо деш долу Шена
зуламе хета массо а гIуллакхаш бахьанехь. Ша дечу
гIуллакхаш тIехь иза ЯрбаIаме тарваларна а,
иштта, ЯрбаIаман цIа хIаллакдарна а, БаIшас Веза
Эла чIогIа дарвора.

### ЯхIудхойн паччахь Эли

8 ЯхIудхойн Аса-паччахьо олалла ден ткъе
йолхалгIа шо долуш, исраилхойн паччахь
дIахIоьттира БаIшин кIант Эли. Тирца-гIалахь Iаш а
волуш, цо шина шарахь паччахьалла дира.
9 Паччахьан гIудалкхийн ахдекъан хьаькам волчу
Эли-паччахьан ялхочо Зимарис цунна дуьхьал
къайлаха барт бира. Цхьана дийнахь Тирца-гIалахь
паччахьан цIенна тIехь хьаькам волчу Арцин цIахь
маларо вахийна Iаш вара Эли. 10 Оццу хенахь, цу
цIа чу а ваьлла, Зимарис тоьхна вийра Эли-
паччахь. Иза дара Аса-паччахьо олалла ден ткъе
ворхIалгIа шо долуш. Зимари Эли-паччахьан метта
паччахь хIоьттира.
11 Цо, ша паччахь а хилла, олалла дан вола-ма-
велли, БаIшин дерриг а цIа хIаллакдира. БаIшин
цIийнах болчу цуьнан гергарчарна а, доттагIашна
а юкъара цхьа а боьрша стаг дийна ца витира
Зимарис. 12 Иштта, Везачу Эло БаIшех лаьцна ЯхIу-
пайхамарехула аьлла ма-хиллара, Зимари-
паччахьо БаIшин цIа хIаллакдинера. 13 И дерриг а
хилира БаIша-паччахьо а, цуьнан кIанта Элис а
къинош летадар бахьана долуш а, цара Исраилан
халкъе а къинош летадайтар бахьанехь а. Шайн
эрначу цIушна Iибадат дарца Исраилан халкъан
Веза Дела дарвора цара. 14 Эли-паччахьан кхидолчу
гIуллакхех а, цо мел динчух а лаьцна яздина ду
*Исраилхойн паччахьийн тептар* тIехь.

### Исраилхойн паччахь Зимари

15 ЯхIудхойн паччахьо Асас паччахьалла до ткъе
ворхIалгIа шо долуш, хилира Зимарих паччахь. Цо
Тирца-гIалахь ворхI дийнахь паччахьалла дира.
Иза дара исраилхойн эскаро пIелаштамхойн
Габитун-гIалина го бинчу хенахь. 16 Зимарис
паччахьна дуьхьал ямартлонца барт бина хилар а,
цо паччахь вер а исраилхойн эскарна хиъча, цара
массара а шайн тIеман хьаькам волу Iумари оццу
дийнахь цу меттехь паччахь дIахIоттийра.
17 Iумарис а, цуьнца цхьаьна исраилхойн дерриг
эскаро а, Габитун-гIалара дIа а дахана, Тирца-
гIалина го бира. 18 Шена гIала дIалаьцнийла хиъча,
паччахьан цIийнан чIагIийинчу чухуларчу чоьн чу
велира Зимари. Иза, шена тIаьхьа паччахьан
цIийнах цIе а тесна, велира. 19 Иза иштта хилира,
Зимарис Везачу Элана зуламе хета гIуллакхаш
лелорна а, ЯрбаIама летийна доллу къинош а
летош, иза цуьнан некъашца леларна а. ЯрбаIама
санна, цо а къинош летадайтира Исраилан халкъе.
20 Зимарин кхидолчу хIуманех – цо йина ямартло
шена чу а лоцуш – яздина ду *Исраилхойн
паччахьийн тептар* тIехь.

### Исраилхойн паччахь Iумари

21 Исраилан халкъ шина декъе декъаделира.
Халкъан цхьа дакъа Гинатин кIантана Тибанина
тIаьхьахIоьттира, иза паччахь хIотто дагахь, ткъа
вуьш Iумарина тIаьхьахIиттира. 22 Iумарина
тIаьхьахIоьттинчу халкъо толам баьккхира,
Гинатин кIантана Тибанина тIаьхьахIоьттина халкъ
эша а деш. Тибани велира, ткъа Iумари паччахь
дIахIоьттира. 23 ЯхIудхойн паччахьо Асас олалла
ден ткъе цхьайтталгIа шо долуш, исраилхойн
паччахь хилира Iумари. Цо шийтта шарахь
паччахьалла дира. Царах ялх шарахь Тирца-гIалахь
олалла дира цо. 24 Iумарис Шамран лам ийцира
Шамрера, ши гали дато ахча а делла. Оцу гу тIехь
гIала йира Iумарис. Цунах Шамран-гIала элира цо,
и лам долахь хиллачу Шамрин цIарах.
25 Iумари шел хьалха хиллачу паччахьел а
тIехвелира Везачу Элана зуламе хеташ долу
гIуллакхаш дарна тIехь. 26 Иза массо а хIуманна
тIехь НабатIан кIант ЯрбаIам лелла хиллачу
новкъахула лелара, ЯрбаIама Исраилан халкъе
летадайтина къинош а летадеш. Шайн эрначу
цIушна Iибадат дарца Исраилан халкъан Веза Дела
дарвора исраилхоша. 27 Iумари-паччахьо динчу
кхидолчу хIуманех лаьцна – цо кхочушдинчу
гIуллакхех а, цуьнан майрачу гIуллакхех а лаьцна –
яздина ду *Исраилхойн паччахьийн тептар* тIехь.
28 Iумари, дIа а кхелхина, шен дайх дIакхийтира.
Иза Шамран-гIалахь дIавоьллира. Цуьнан кIант
волу Ахьаб цуьнан метта паччахь хилла
дIахIоьттира

### Исраилхойн паччахь Ахьаб

29 ЯхIудхойн паччахьо Асас олалла до ткъе
берхIитталгIа шо дара, Iумарин кIант Ахьаб
исраилхойн паччахь хилла дIахIоьттича. Шамран-
гIалахь Iаш а волуш, Iумарин кIанта Ахьаба ткъе
шина шарахь исраилхошна тIехь олалла дира.
30 Iумарин кIант Ахьаб шел хьалха хиллачу
паччахьел а тIехвелира Везачу Элана зуламе хеташ
долу гIуллакхаш дарна тIехь. 31 НабатIан кIанта
ЯрбаIама летийна долу къинош ша летадар шена
кIезиг хеташ санна, цIаданхойн паччахь волчу Эти-
БаIалан йоI Изабал а ялийра Ахьаба шена, БаIал-
цIунна Iамал ян а, *Iибадат дан* а волавелира иза.
32 Шамран-гIалахь, БаIал-харцделан цIа чохь, оцу
цIунна лерина *сагIа доккху кхерч* хIоттийра Ахьаба.
33 Иштта, Ашера-харцдалла лерина болу дечиган

бIогIам а дIахIоттийра Ахьаба. Шел хьалха хиллачу
исраилхойн массо паччахьел а тIехвелира иза
Исраилан халкъан Веза Дела оьгIазвохуьйту
гIуллакхаш дарна тIехь. 34 †Ахьаб-паччахь волчу
заманчохь Бетал-гIаларчу Хьиала Ерихон-гIала
юхаметтахIоттийра. Хьиала оцу гIалин бух
биллийтинчу хенахь, цуьнан воккхах волу кIант
Абирам велира. Ткъа Хьиала цу гIалин ков
дIахIоттийначу хенахь цуьнан жимах волу кIант
Чагуб а велира. Иза хилира Нунин кIант волчу
ЮшаIехула Везачу Эло аьлла ма-хиллара.

### Эли-ЯхIу-пайхамаро Далла гIуллакх дар

17 ††ГалIад-махкарчу Тишаб-гIалара волчу Эли-
ЯхIу-пайхамаро Ахьаб-паччахье элира:
«Шена гIуллакх деш волчу а, дийна волчу а
Исраилан халкъан Везачу Делах чIагIо йо аса,
хIокху шерашкахь я тхи, я догIа хир дац аьлла, аса
омра даллалц».
2 ТIаккха Везачу Элан дош кхечира Эли-ЯхIуга:
3 «ХIокху меттера дIа а валий, Йордан-хина
малхбалехьа долчу Карит-Iин чохь дIалачкъа. 4 Оцу
Iин чуьра хи мер ду ахьа. Ткъа хьуна юург латтор
къигашна тIедиллина Аса», – аьлла.
5 Везачу Эло шега аьлларг Эли-ЯхIус кхочушдира.
Иза, вахана, Йордан-хина малхбалехьа долчу
Карит-Iин чохь сецира. 6 Къигаша бепиг а, жижиг а
дохьура Эли-ЯхIуна Iуьйранна а, суьйранна а. Iин
чуьра хи а молура цо. 7 Цхьа хан яьллачу хенахь,
догIанаш ца дарна, оцу Iин чуьра хи лекъира.

### Эли-ЯхIу а, Сарпат-гIалара йисина Iаш йолу зуда а

8 Везачу Элан дош кхечира Эли-ЯхIуга: 9 ‡«ЦIадан-
гIалин уллохь йолчу Сарпат-гIала дIа а гIой, цигахь
саца. Йисина Iаш йолчу цхьана зудчуьнга хьо, тIе а
лаций, оцу меттехь кхаба аьлла Аса». 10 Эли-ЯхIу
Сарпат-гIала вахара. Иза гIалин кевне кхаьчначу
хенахь, цунна йисина Iаш йолу цхьа зуда гира. Иза
чIийш гулдеш яра. Эли-ЯхIус цуьнга элира: «КIудал
чохь жимма мала хи лохьа суна». 11 И зуда хи дан
яхача, Эли-ЯхIус, цунна тIаьхьа мохь а тоьхна,
элира: «Баьпкан юьхк а яхьа суна!»
12 Оцу зудчо элира: «Дийна волчу хьан Везачу
Делах чIагIо йо ас, сан кийча яа хIума цахилар. Сан
долуш дерг текха чохь цхьа кана дама а, кхаби
чохь кIеззиг даьтта а ду. Со хIинца жимма чIийш
гулдеш йоллура, уьш цIа а даьхьна, сайна а, сайн
кIантана а юург ярхьама. И йолуш ерг йиъна
дIаяьлча, тхойшиъ лийр ду-кх».
13 Эли-ЯхIус оцу зудчуьнга элира: «Ма кхера, зуда,
дIа а гIой, айхьа бохург де. Амма цкъа хьалха хьайн
долуш долчух жимо совсаза хьокхам а баттий, суна
схьаба, цул тIаьхьа хьайна а, хьайн кIантана а яа
хIума кечъе. 14 ХIунда аьлча Исраилан халкъан
Везачу Дала иштта боху: „Хьан текхара дама а
хедар дац, кхаби чуьра даьтта а жимлур дац,
Везачу Эло лаьтта догIа дайитталц“».
15 Цо, дIа а яхана, Эли-ЯхIус боххург дира. Дукkха а
деношна Эли-ЯхIуна а, оцу зудчунна а, цуьнан
кIантана а яа хIума тоьура. 16 Текхара дама а чекх
ца долура, кхаби чуьра даьтта а лах ца лора, Везачу
Эло Эли-ЯхIугахула аьлла ма-хиллара.
17 Цул тIаьхьа оцу йисина Iачу зудчун кIант
цомгуш хилира. И цамгар чIогIа хиларна, кIентан
садаIар а сецнера. 18 Оцу зудчо Эли-ЯхIуга элира:
«Ва Делан стаг, хьан хIун бала бу соьца? Я хьо,
Далла сан къинош дага а доуьйтуш, сан кIант вен
веана ву те?»
19 Эли-ЯхIус цуьнга элира: «Схьалол соьга хьайн
кIант». Цуьнан карара кIант, схьа а эцна, оцу
цIийнан лакхарчу *гIат* тIехь долчу шен цIа чу а
вигна, ша дIавуьжучу маьнги тIе виллира Эли-
ЯхIус. 20 Цо Везачу Эле доIа дира: «Сан Веза Дела!
Со шен хIусамехь волчу йисина Iаш йолчу хIокху
зудчунна а дийр ду те Ахьа зулам, цуьнан кIант а
валийтина?» 21 ‡†ТIаккха Эли-ЯхIус кхузза шен дегI
цу кIантана тIедиллира. Цо доьхура: «Ва сан Веза
Дела, юхадерзадехьа цу кIентан дегIа чу дахаран
са!» 22 Везачу Элана дIахезира Эли-ЯхIун доIа. Оцу
кIентан дахаран са юхадеара, иза денвелира.
23 Эли-ЯхIус и кIант, схьа а эцна, лакха тIера
охьавалийра. Цо, иза нене дIа а велла, элира:
«Хьажал, хьан кIант дийна ву!»
24 ТIаккха оцу зудчо Эли-ЯхIуга элира: «ХIинца
хаьа суна хьо Делан стаг хилар а, Везачу Эло
хьоьгахула бакъдерг олуш хилар а».

### Эли-ЯхIу-пайхамар а, БаIалан пайхамарш а

18 Лаьтта догIа ца догIу кхоалгIа шо долуш,
Везачу Элан дош кхечира Эли-ЯхIуга: «Хьо,
ваха а гIой, Ахьаб-паччахьна гучувала, тIаккха Аса
догIа доуьйтур ду лаьтта тIе». 2 Эли-ЯхIу Ахьаб-
паччахьна тIевахара.
Ткъа Шамран-гIалахь чIогIа мацалла хIоьттинера.
3 Ахьаб-паччахьо шен паччахьан цIенна тIехь
хьаькам волу Iабди-ЯхIу шена тIекхайкхинера. (И
Iабди-ЯхIу Везачу Эле чIогIа ларамах вуьзна волу
стаг вара. 4 Изабала Везачу Элан пайхамараш
хIаллакбечу хенахь, Iабди-ЯхIус цхьа бIе пайхамар
схьагулвира. ТIаккха, уьш, шина декъе а бекъна,
шина хьехана чохь къайлабехира. Цу чохь Iабди-
ЯхIус юург а, мала хи а латтадора царна.) 5 Ахьаб-
паччахьо Iабди-ЯхIуга аьллера: «Вало, махкара
массо шовда а, хи а долчу меттигашкахула
чекхвала вайшиъ, жимма буц карор яцара те
вайна, говраш а, вирбIарзаш а дийна
йисийтархьама, бежанех цхьа а ца дайархьама».
6 Цу шиммо шаьш хи лохуш чекхдовла деза
меттигаш билгалъехира. Цхьаъ цхьана агIор
вахара, ткъа важа вукху агIор вахара.
7 Iабди-ЯхIу новкъахула дIавоьдуш, цунна Эли-
ЯхIу дуьхьалкхийтира. Iабди-ЯхIуна вевзира

† 16:34 ЮшаI 6:25. †† 17:1 Якъуба 5:17. ‡ 17:9 Лака 4:25, 26.

‡† 17:21 ТIаьххьарнаш 4:34, 35.

пайхамар. Иза лаьтта кхаччалц пайхамарна хьалха
охьатаьIира. Iабди-ЯхIус пайхамаре элира: «Хьо
вуй те иза, сан олахо волу Эли-ЯхIу?»
8 Эли-ЯхIус жоп делира: «ХIаъ, со ву иза. Ахьа,
хьайн олахо волчу паччахьна тIе а гIой, цуьнга
дIаала: „Эли-ЯхIу-пайхамар кхузахь ву“».
9 Iабди-ЯхIус цуьнга хаьттира: «Аса хIун вон болх
бина хиллера те хьуна? Нагахь аса хьо схьавеана
ву алахь, цо со вуьйр ма ву. Паччахьо со вен хIунда
лаьа хьуна? 10 Хьан Веза Дела дийна хилар санна
бакъду-кх, цхьа а къам я цхьа а пачхьалкх ца
йисина сан олахочо хьо лоьхуш нах бахийтаза.
Шега хьо цигахь вац аьлча, цо чIагIо йойтура хьо
ца караво бохучу оцу пачхьалкхе а, къоме а. 11 Ткъа
ахьа хIинца соьга боху: „Вало, хьайн олахочуьнга
дIаала: ‘Эли-ЯхIу кхузахь ву’“. 12 Хьо волчуьра и ала
со дIаваханчу хенахь, Везачу Элан Сино суна хуур а
доцучу цхьанхьа хьо дIавига ма тарло. ТIаккха аса
Ахьаб-паччахье хьох лаьцна хаам а бича, ткъа хьо
кара а ца вича, цо со вуьйр ма ву. Хьан лай волу со-
х жимчохь дуьйна а Деле болчу ларамах вуьзна ма
вара. 13 Сан эла, хьоьга ца дийцина, Изабала Везачу
Элан пайхамарш бойучу хенахь, аса динчух
лаьцна? Аса Везачу Элан бIе пайхамар дIахьулвира.
Аса уьш, цхьатерра шина декъе а бекъна, шина
хьехана чохь къайлабехира. Царна даа бепиг а,
мала хи а латтадора аса. 14 Ткъа ахьа боху: „Вало,
хьайн олахочуьнга Эли-ЯхIу кхузахь ву ала. ТIаккха
цо со вуьйр ма ву“».
15 Эли-ЯхIус жоп делира: «Шена гIуллакх деш
волчу массо а ницкъийн Везачу Делах чIагIо йо ас,
со тахана, цунна тIе а вахана, дIахIуттург хиларх».
16 Iабди-ЯхIус, Ахьабана тIе а вахана, и дерриг а
дIадийцира. Ткъа Ахьаб-паччахь Эли-ЯхIуна
тIевахара. 17 Ахьаба, шена Эли-ЯхIу гича, цуьнга
хаьттира: «Хьо вуй и – Исраилан халкъе бала
хьоьгуьйтург?»
18 Эли-ЯхIус жоп делира: «Со вац Исраилан халкъе
бала хьоьгуьйтург, ткъа хьо а, хьан ден цIа а ду.
Везачу Элан весеташ дIа а теттина, БаIал-
харцделанашна тIаьхьахIиттина шу. 19 ХIинца ахьа,
хьайн ялхой а бахийтий, дерриг а Исраилан халкъ
а, Изабала дола деш волу БаIал-делан виъ бIе
шовзткъе итт пайхамар а, Ашера-делан виъ бIе
пайхамар а схьагулвайта Кармал-лома тIе суна
хьалха».
20 Ахьаб-паччахьо массо исраилхой а, и
харцделанийн пайхамарш а схьагулбайтира
Кармал-лам тIе. 21 Эли-ЯхIу-пайхамаро, дерриг а
халкъана хьалха дIа а хIоьттина, элира: «Шу дукха
лелар дуй те шинна а когана астагIа лелхаш?
Нагахь санна Веза Эла Дела велахь, Цунна
тIаьхьахIитта. Ткъа Иза БаIал велахь, цунна
тIаьхьахIитта».
Халкъо цхьа а дош ца элира цуьнга.
22 Эли-ЯхIу-пайхамаро халкъе элира: «Везачу Элан
пайхамарех со цхьаъ висна, ткъа БаIалан виъ бIе
шовзткъе итт пайхамар ву. 23 Тхуна ши старгIа
схьаялае. Цу шиннах шайна луъург цхьаъ аша
дIаэца. Оцу старгIина урс а хьакхий, дакъош а дей,
дечигна тIедахка, амма цунна буха цIе ма латае.
Ткъа аса, важа старгIа кеч а йина, дечигна
тIеюьллур ю, цунна буха а цIе латор яц. 24 ТIаккха
шу шайн Деле кхайкха. Ткъа со Везачу Эле
кхойкхур ву. ЦIе латаярца доIанна жоп Делларг
билггал волу Дела хир ву».
Дерриг а халкъо, жоп а луш, элира: «Ахь бохург
дика ду!»
25 БаIалан пайхамаршка Эли-ЯхIус элира: «Оцу
шина старгIанах цхьаъ аша хьалха схьакъастае,
тIаккха сагIа даккха кечам бе, хIунда аьлча шу
алсам ду. Цул тIаьхьа аша шайн Деле доIа де, амма
бежанна буха цIе ма латае».
26 Шаьш схьакъастийна старгIа кеч а йина, уьш,
Iуьйранна дуьйна делкъахан тIекхаччалц, БаIал-
деле кхойкхура. Цара бохура: «Ва БаIал, дIахазахьа
тхо!» Амма дуьхьал олуш цхьа а аз а дацара, жоп а
дацара хезаш. Шаьш кечйинчу сагIа доккхучу
меттигна хьалха ирхкхийсалора уьш.
27 Делкъахан тIееача, Эли-ЯхIу кхаьрдира царах.
Цо элира: «ЧIогIа мохь тоха аша, хIунда аьлча иза
дела ма ву. Иза ойла еш хила а тарло я иза шен
гIуллакх дан вахана хила а мега, я новкъахь вогIуш
хила а там бу, я наб еш хила а мега, иза-м
самаваккха везаш ву!» 28 ТIаккха цара чIогIа
маьхьарий хьоьккхура. Цара шайн догIмашна тIе
арсаш а, гоьмукъаш а хьоккхура, шайна тIехула
цIийш охьадоладаллалц. 29 Делкъахан дIа а яьлла,
суьйренан сагIа доккху хан тIекхаьчча а, уьш
кхидIа а шовкъ еана бара. Амма цхьа а аз я жоп, я
цхьа а хIума дацара хезаш.
30 ТIаккха Эли-ЯхIус дерриг а халкъе элира: «Суна
тIехила». Дерриг халкъ цунна тIехилира. Везачу
Элана сагIа доккхуш хилла йолу меттиг
йохийначуьра меттахIотто волавелира Эли-ЯхIу.
31 †Цо шийтта тIулг схьаийцира. Уьш дара Везачу
Эло шега: «Исраил хир ю хьан цIе» – аьлла волчу
Якъубан шийтта кIантах девллачу тайпанийн
барамехь. 32 Оцу тIулгех Везачу Элана лерина сагIа
доккху меттиг йира Эли-ЯхIус. Ткъа оцу меттигна
гонах саьнгар яьккхира, шена чу ши сахь хIу
тарлуш йолу. 33 Эли-ЯхIус сагIа доккхучу меттиге
дечиг диллира. Ткъа урс хьаькхначу старгIанах
дакъош а дина, уьш цу дечигна тIедехкира.
34 ТIаккха цо элира: «Йиъ кхаба хих а юьзна, и хи
сагIина ягош йолчу старгIина а, дечигна а
тIедотта». Цара Эли-ЯхIус боххург дира. ТIаккха юха
а элира цо: «Цу тайппана кхин а цкъа де». Цара иза
юха а кхочушдира. Эли-ЯхIус кхин а элира: «Изза
кхозлагIа а де». КхозлагIа а изза дира цара. 35 СагIа
доккхучу меттигна гонах хи охьадоладелира,
саьнгар хих юьзира.
36 Суьйренан сагIа доккхучу хенахь Эли-ЯхIу-
пайхамар сагIа доккхучу меттигна улло веара. Цо
доIа дира: «ИбрахIиман а, Исхьакхан а, Исраилан а

† *18:31 Доладалар 32:28; 35:10.*

Дела волу Веза Эла! Таханлерчу дийнахь
дӀахаийтахьа Исраилан халкъан Дела Хьо цхьаъ
вуйла а, со Хьан лай вуйла а, аса и дерриг а Ахьа
ма-аллара динийла а! 37 Жоп лохьа суна, ва Веза
Эла, дӀахазахьа со, Веза Эла волу Хьо Дела хилар а,
Ахь церан дегнаш Хьайна тӀедерзош хилар а хӀокху
нахана хаийтархьама».
38 ТӀаккха Везачу Эло цӀе охьахьажийра. Оцу
цӀеро сагӀина еана хӀума а, дечиг а, тӀулгаш а,
кхерчана гонахара латта а дагийра. Саьнгар чохь
долу хи а дакъийра цо. 39 И хилларг шена гича,
дерриг а халкъо, лаьтта кхаччалц охьа а таьӀна,
бохура: «Веза Эла – Дела ву! Веза Эла – Дела ву!»
40 ТӀаккха Эли-ЯхӀус цаьрга элира: «Схьалаца
БаӀалан пайхамарш! Царах цхьа а дӀа ма вахийта!»
Уьш схьалийцира. Эли-ЯхӀус уьш, Къишун-хи тӀе а
бигна, цигахь байира.

### Йокъанан чаккхе

41 Эли-ЯхӀу-пайхамаро Ахьаб-паччахье элира: «ДӀа
а гӀой, яа а яа, мала а мала. ДогӀун долчу чӀогӀачу
догӀанан гӀовгӀа ю суна хезаш». 42 †Ахьаб-паччахь
яий, малий дӀавахара. Ткъа Эли-ЯхӀу Кармал-ломан
бохьа тӀе велира. Цигахь цо, лаьтта кхаччалц охьа
а таьӀна, шен корта голашна юккъе нисбира.
43 ТӀаккха шен ялхочуьнга Эли-ЯхӀус элира: «Вало,
гӀой, хӀордехьа дӀахьажа».
Ялхочо, вахана, хьажа а хьаьжна, элира: «Суна-м
хӀумма а ца го».
Эли-ЯхӀус ворхӀазза а элира цуьнга: «Юха а гӀой,
хьажа». 44 Ша ворхӀазлагӀа вахана схьавеача,
ялхочо элира: «Адаман кераюккъалц йолу цхьа
жима марха ю хӀорда тӀера хьалайолуш».
Эли-ЯхӀус элира: «Вало, Ахьаб-паччахь волчу а
гӀой, цуьнга дӀаала: „Хьайн гӀудалкх а йожий, цӀа
верза, догӀано хьо сацавале. Хьо хӀинцца дӀа ца
водахь, догӀано сацор ву хьо“».
45 Дукха хан ялале, мархаш а хӀиттира, стигал Ӏарж
а елира, мох а белира. ЧӀогӀа догӀа деара. Оцу
хенахь Ахьаб, шен гӀудалкха тӀе а хиъна, ИзраӀал-
гӀала ваха новкъа ваьллера. 46 Везачу Элан ницкъ
боьссира Эли-ЯхӀуна тӀе. Шен гӀодаюкъ а йихкина,
Ахьаб-паччахьна хьалха а ваьлла, ИзраӀал-гӀала
дӀакхаччалц новкъахула ведда вахара Эли-ЯхӀу.

### Эли-ЯхӀун Хьариб-лам тӀе валар

19 Эли-ЯхӀу-пайхамаро динчух лаьцна а, цо
БаӀалан массо а пайхамарш тур хьаькхна
байарх лаьцна а – дерриг а Изабале дӀадийцира
Ахьаб-паччахьо. 2 Изабала Эли-ЯхӀуна тӀе геланча
вахийтира, цуьнга дӀаала: «Деланаша, шайн лааме
хьаьвссина, луьра таӀзар дойла суна, нагахь аса,
кхана хӀара хан тӀекхачале, оцу пайхамарех
хӀоранна а диннарг хьуна а ца дахь». 3 Кхера а
велла, Эли-ЯхӀу цигара дӀавахара, шен са
кӀелхьардаккхархьама. ЯхӀуд-махкахь йолчу Беар-
ШабаӀ-гӀала а вахана, Эли-ЯхӀус шен ялхо цигахь
витира. 4 ††Цхьана дийнахь некъ баллал юкъ йолчу
яьссачу аренга веара Эли-ЯхӀу. Схьавеана, жолам-
куллана кӀел охьа а хиъна, шена валар а доьхуш,
цо элира: «ХӀинца тоьар дара-кх, Веза Эла.
ДӀаэцахьа сан са, хӀунда аьлча со сайн дайл хӀумма
а тоьлуш вац».
5 ДӀа а вижина, оцу кулла кӀелахь наб кхийтира
Эли-ЯхӀуна. ТӀаккха деанчу малико, цунах хьакха а
делла, элира цуьнга: «Хьала а гӀаттий, хӀума яа».
6 Эли-ЯхӀу дӀахьаьжча, цунна шен коьртехь
Іуьллучу тӀулга тӀехь беттина хьоккхам а, чохь хи
долу кхаба а гира. Бепиг а диъна, хи а мелла, юха а
наб кхийтира цунна. 7 Везачу Элан Малик шолгӀа а
тӀедеара Эли-ЯхӀуна. Цунах хьакха а делла, Малико
элира: «Хьала а гӀаттий, хӀума яа, хӀунда аьлча
бехха некъ бу хьуна хьалха». 8 Эли-ЯхӀус, хьала а
гӀаьттина, хӀума а йиира, хи а мелира. Шена
тӀедеанчу гӀоранца Эли-ЯхӀус шовзткъа дийнахь а,
буса а некъ бира, Хьариб цӀе йолчу Делан ломана
тӀекхаччалц. 9 Цигахь цхьана хьехана чу а ваьлла,
цу чохь буьйса яьккхира Эли-ЯхӀус.
Юха Везачу Элан дош кхечира Эли-ЯхӀуга: «Эли-
ЯхӀу, хьо хӀун деш ву кхузахь?»
10 ‡Эли-ЯхӀус жоп делира: «Ва массо а ницкъийн
Веза Дела, ас Хьуна леррина гӀуллакх дора.
Исраилан халкъо Хьоьца бина барт дӀатесна, Хьан
сагӀа доккху кхерчаш бохийна, Хьан пайхамарш тур
хьаькхна байина. Со цхьаъ бен висина вац, со а
вен дагахь лоьхуш ву цара».
11 Везачу Эло цуьнга элира: «Хьала а гӀаттий, лам
тӀе а валий, Веза Эла волчу Суна хьалха дӀахӀотта.
ТӀаккха хьуна уллохула тӀехвер ву Со». Оцу хенахь
чӀогӀа мох белира Везачу Элана хьалха. Оцу мохо
лаьмнаш а дохадора, тархаш а кегйора, амма цу
махца Веза Эла вацара. Цул тӀаьхьа мохк бегийра,
амма мохк бегорца а Веза Эла вацара. 12 Мохк
бегийначул тӀаьхьа, цӀе елира, амма цу цӀерца а
Веза Эла вацара. ЦӀе чекхъяьллачул тӀаьхьа эсала
а, тийна а долу аз деара.
13 Иза хезча, Эли-ЯхӀус тӀехула юхучу шен бедарца
юьхь дӀахьулйира. Хьеха чуьра ара а ваьлла, цу чу
воллучохь хӀоьттина лаьтташ вара Эли-ЯхӀу.
Цхьана озо цуьнга хаьттира: «Хьо хӀун деш ву
кхузахь, Эли-ЯхӀу?» – аьлла.
14 Эли-ЯхӀус жоп делира: «Ва массо а ницкъийн
Веза Дела, ас Хьуна леррина гӀуллакх дора.
Исраилан халкъо Хьоьца бина барт дӀатесна, Хьан
сагӀа доккху кхерчаш бохийна, Хьан пайхамарш тур
хьаькхна байина. Со цхьаъ бен висина вац, со а
вен дагахь лоьху цара».
15 ‡†Везачу Эло цуьнга элира: «Вало, юха а верзий,
хьайн новкъахула Дамасакхана уллорачу яьссачу
аренга дӀагӀо. Хьо цига дӀакхаьчча, Хьазиал даьтта
доттарца арамхойн паччахь хиларна къобалве.
16 ‡‡Ткъа Нимшайн кӀант ЯхӀу Исраилан халкъана

† *18:42-45 Якъуба 5:18.*

†† *19:4 Юнус 4:3.* ‡ *19:10, 14 Римхошка 11:3.* ‡† *19:15 ТӀаьххьарнаш 8:7-13.* ‡‡ *19:16 ТӀаьххьарнаш 9:1-6.*

тIехь паччахь хиларна даьтта тIе доттарца
къобалве. Абел-Мехьал гIалара волу Шаптин кIант
ЭлишаI хьайн метта пайхамар хиларна даьтта тIе
доттарца къобалве. [17] Хьазиалан туьрах веддарг
ЯхIус воьйтур ву. Ткъа ЯхIун туьрах
кIелхьарваьлларг ЭлишаI-пайхамаро хIаллаквийр
ву. [18] †Исраилхошна юкъара БаIална горахIоьттина
воцу а, цуьнан суьртана обанаш яьхна воцу а ворхI
эзар стаг вуьтур ву Аса».

### ЭлишаIе дIакхайкхар

[19] Цигара дIавахача, Шаптин кIант ЭлишаI латта
охуш карийра Эли-ЯхIуна. Шийтта шуьста а
боьжна, латта а охуш, ша шуьйтталгIачу шуьстана
уллохь вогIуш вара иза. Ша ЭлишаIана юххехула
чекхволуш, Эли-ЯхIус шен тIехулара бедар цунна
тIе кхоьссира. [20] Шен стерчий а дитина, ЭлишаIа,
ведда Эли-ЯхIуна тIе а веана, элира: «Сайн дега а,
нене а Iодика а йина, схьаваийтахьа со, тIаккха со
хьоьца дIавогIур вара».
Эли-ЯхIус элира: «Дика ду, вало, юхаверза. Аса хьо
сеца ма ца во!»
[21] Эли-ЯхIу волчуьра дIа а вахана, шина старана
урс а хьаькхна, стерчийн готанах цIе латийра цо,
цу тIехь стерчийн жижиг даттархьама. ТIаккха и
жижиг нахана дIасадийкъира ЭлишаIа. Наха иза
диира. Ткъа ЭлишаI, Эли-ЯхIуна тIаьхьа а
хIоьттина, цунна гIуллакх а деш, цуьнца вахара.

### Арам-махкаца бина тIом

**20** Арам-махкарчу паччахьо Бен-Хьадида шен
дерриг эскар схьагулдира. Цуьнца цхьаьна
шайн говрашца а, гIудалкхашца а ткъе шийтта
паччахь а волуш, Бен-Хьадид-паччахь, Шамран-
гIалина тIе а вахана, цунна го а бина, гIалина
тIелетира. [2] Цо исраилхойн паччахь волчу
Ахьабана тIе, гIала, шен геланчаш хаам бан
бахийтира: [3] «Бен-Хьадида иштта боху: „Хьан дети,
деши – сан ду, хьан зударий, хьан тоьлла болу
кIентий – сан бу“».
[4] Исраилхойн паччахьо цунна жоп делира: «Ахьа
ма-бохху хуьлийла иза, сан олахо волу паччахь. Со
а, сан мел дерг а – хьан ду».
[5] Юха а баьхкира геланчаш. Цара элира: «Бен-
Хьадида иштта боху: „Аса хьо волчу геланчаш
хьажийра, хьоьга дIаала аьлла: ‘Хьайн дети а, деши
а, хьайн зударий а, кIентий а суна схьало’. [6] Делахь
а, аса кхана, хIоккху хенахь, сайн ялхой хьажор бу
хьуна тIе. Цара хьан цIахь а, хьуна гIуллакх деш
болчеран цIахь а, хIун ю а хьаьжна, хьуна еза мел
хетарг схьа а эцна, суна схьаяхьар ю“».
[7] Исраилхойн паччахьо шен махкахь мел волу
къано схьагулвира. Цо цаьрга элира: «Тидам а беш,
хьовсалаш, и стаг вайна зулам даккха воллуш ву.
Бен-Хьадида ша сан зударий а, кIентий а, сан дети
а, деши а шен ду аьлча, аса цунна дуьхьало ца
йира».
[8] ТIаккха массо а къаноша, массо а халкъо цуьнга
элира: «Цо бохучуьнга ла а ма догIа, къар а ма ло».
[9] Ахьаб-паччахьо Бен-Хьадидан геланчашка
элира: «Аша сан олахо волчу паччахье иштта
дIаала: „Ахьа де аьлла дуьххьара суна тIедиллинарг
хьан лай волу со кхочушдан кийча ву, ткъа ахьа
хIинца бохург дан сан йиш яц“».
Геланчаша, дIа а бахана, шайга аьлларг
дIахаийтира. [10] Бен-Хьадида юха а шен геланчаш
бахийтира Ахьаб-паччахьна тIе. Цара дIаэлира цо
бохург: «Деланаша, шайн лааме хьаьвссина, луьра
таIзар дойла суна, нагахь санна, Шамран-гIала дIа
а яькхина, цунах йинчу ченах сан эскархошна
цхьацца кан кхачийтахь».
[11] Исраилхойн паччахьо, цунна жоп а луш, элира:
«Аша хIара ала: „ГIагI дIадостуш волчо деш доллу
дозалла ма дойла гIагI дIадоьхкуш волчо“».
[12] Четарш чохь кхечу паччахьашца цхьаьна
чагIар молуш Iаш волчу Бен-Хьадида, и дешнаш
шена дIахезча, шен эскархошка омра дира, оцу
гIалина тIелата кечам бе аьлла. Цара Шамран-
гIалина тIелата кечам бира.
[13] Цхьа пайхамар веара исраилхойн паччахьна
тIе. Цо элира: «Иштта боху Везачу Эло: „И доккха
эскар гой хьуна? Аса иза тахана хьан кара дIалур
ду, Веза Эла Со вуйла хьуна дIахаийтархьама“».
[14] Ахьаб-паччахьо хаьттира: «Хьаьнгахула?»
Пайхамаро жоп делира: «Иштта боху Везачу Эло:
„Мехкадайн эскархошкахула“».
ТIаккха Ахьаба хаьттира: «ТIом хьан дIаболор
бу?»
«Ахь болор бу», – элира цуьнга.
[15] Ахьаб-паччахьо мехкадайн эскархой
схьакхайкхира, ткъа уьш ши бIе ткъе шийтта
хилира. Цул тIаьхьа дерриг а эскар шена
тIекхайкхира цо, ткъа исраилхойн эскархо ворхI
эзар вара.
[16] Делкъахенахь уьш тIамца арабевлира. Ткъа
четарш чохь сакъоьруш Iаш волу Бен-Хьадид шена
гIо деш волчу ткъе шийтта паччахьца цхьаьна,
мала а мелла, вехнера. [17] Уггаре а хьалха
арамхошна тIегIоьртира мехкадайн эскархой.
Паччахьан наха Шамран-гIалара халкъ арадаьлла
хилар дIахаийтира Бен-Хьадиде. [18] ТIаккха Бен-
Хьадида омра дира: «И нах дийна боллуш схьалеца
– маьршачу ойланца я тIамца уьш арабевлла
белахь а», – аьлла.
[19] Хьалха Шамран-гIалара мехкадайн эскархой
арабевллера, ткъа царна тIаьххье эскар а
араделира. [20] Царах хIораммо а шена
дуьхьалваьлла мостагIа хIаллакврора. ТIаккха
арамхой дIабевдира, ткъа исраилхой царна
тIаьхьабевлира. Арам-мехкан паччахь волу Бен-
Хьадид шен берешца цхьаьна дин тIехь
кIелхьарвелира. [21] Иштта тIегIоьртира исраилхойн

† *19:18 Римхошка 11:4.*

паччахь. Цо, говраш а, гӀудалкхаш а хӀаллак а еш,
боккха толам баькккхира арамхошна тӀехь.
22 Исраилхойн паччахьна тӀе а вахана, пайхамаро
цуьнга элира: «ДӀа а гӀой, чӀагӀо а е, хӀинца чул
тӀаьхьа айхьа дан дезачун ойла а е, хӀунда аьлча
Арам-мехкан паччахь юха а дуьхьалвер ву хьуна».

### Арамхойн шолгӀа тӀелатар

23 Бен-Хьадиде цуьнан ялхоша элира:
«Исраилхойн деланаш лаьмнашца йолчу меттиган
деланаш бу, цундела баьккхина цара и толам.
Нагахь тӀом шерачу меттехь бахь, вай тоьлур ду.
24 Ахьа хӀара дан деза: массо а паччахьаш шайн
меттигашкара дӀа а бахий, церан метта мехкадай
хӀиттабе. 25 ХӀаллакьхиллачу барамехь хьайн эскар
юхаметтахӀоттаде. Иштта меттахӀиттае шайн
хьалха хиллачу барамехь говраш а, гӀудалкхаш а.
ТӀаккха вай шерачу арахь тӀом бийр бу цаьрца,
билггал толам а боккхур бу царна тӀехь».
Бен-Хьадида, цара бохучуьнга ла а доьгӀна, церан
хьехам кхочушбира. 26 ТӀедеанчу шеран бӀаьсте
тӀееача, Бен-Хьадида, арамхой а гулбина, уьш
Апакх-гӀала бигира, цигахь исраилхошца тӀом
бархьама. 27 Исраилхойн эскар, схьа а гулдина,
цунна сурсаташ дӀаделира, иза арамхошна дуьхьал
дахара. Исраилхоша царна дуьххьал шайн
*меттамотт* дӀахӀоттийра. Уьш гезарийн жима ши жа
санна хетара. Ткъа арамхоша шайх латта дуьзира.
28 Делан стага, Исраилхойн паччахьна тӀе а
вахана, элира: «Иштта боху Везачу Эло: „Веза Эла
волу Со – лаьмнийн Дела ву, ткъа шерачу
меттигийн Дела вац арамхоша бахарна, Аса церан
эскаран и йоккха арданг хьан кара дӀалур ю.
ТӀаккха хуур ду шуна Со – Веза Эла вуйла“».
29 Меттамотт а хӀоттийна, ворхӀ дийнахь
вовшашна дуьхь-дуьхьал Ӏийра уьш. ВорхӀалгӀачу
дийнахь тӀом дӀаболабелира. Исраилхоша
арамхойн цхьа бӀе эзар гӀашло эшийра цхьана
дийнахь. 30 Арамхойн гӀашлойх бисинарш Апакх-
гӀала йолчу дӀабевдира. Цигахь тӀамах
кӀелхьарваьллачу ткъе ворхӀ эзар стагана гӀалин
пен тӀеккхийтира.
Бен-Хьадид а гӀала дӀаведдера. Иза цӀийнан
чухула йолчу цхьана чоьнна чохь лечкъаш вара.
31 Ялхоша Бен-Хьадиде элира: «Исраилан цӀийнах
болу паччахьаш къинхетаме бу олуш хезнера
тхуна. Пурба лохьа тхуна, сингаттаман духарш ца
тхешан догӀмаш а хьулдина, чуханаш кочах а
йихкина, исраилхойн паччахьна тӀедаха. Хьо дийна
вуьтур вацара те цо?» 32 ТӀаккха ялхой, сингаттаман
духарш ца шайн догӀмаш хьул а дина, чуханаш
кочах а йихкина, исраилхойн паччахьна
тӀебаьхкира. Цара элира: «Хьан лай волчу Бен-
Хьадида ша дийна витар доьху хьоьга».
Ткъа Ахьаб-паччахьо элира: «Иза дийна ву ткъа?
И сан ваша ма ву».
33 Паччахьо аьлларг дикачу билгалонна ду аьлла
хийтира оцу нахана. Цара сихха тидаме ийцира
Ахьаб-паччахьо аьлларг. «ХӀаъ, Бен-Хьадид хьан
ваша ма ву», – элира цара.
ТӀаккха паччахьо цаьрга элира: «Дуьйло, дӀа а
гӀой, схьавалаве иза». Бен-Хьадид цунна дуьхьал
схьавеара. Ахьаба иза шен гӀудалкхана тӀе шеца
охьахаийра. 34 Бен-Хьадида элира цуьнга: «Сан дас
хьан дегара схьаяьхна хилла йолу гӀаланаш аса
хьуна юхаерзор ю. Хьайн долахь базарш хила а
йиш ю хьан Дамасаккхехь, сан ден а Шамран-
гӀалахь базар ма-хиллара».
Ахьаба элира: «Вайшиммо и барт дӀаязбинчул
тӀаьхьа аса дӀахоьцур ву хьо». Иштта, Бен-
Хьадидаца барт а бина, иза дӀахийцира Ахьаба.

### Пайхамаро Ахьаб-паччахь бехкевар

35 Пайхамарийн тобанна юкъарчу цхьана
пайхамаро цу тобанарчу вукхуьнга, Везачу Эло
шена тӀе-ма-диллара, элира: «Тохахьа суна». Амма
оцу стага ца туьйхира цунна. 36 †ТӀаккха оцу
пайхамаро элира: «Ахьа Везачу Эло бохучуьнга ла
ца догӀарна, хьо, со волчуьра дӀавоьдуш, лоьмо
цоьстур ву». И стаг дӀавоьдуш, цунна дуьхьал
кхеттачу лоьмо иза цистира.
37 Цул тӀаьхьа оцу пайхамарна кхин а цхьа стаг
дуьхьалкхийтира. Цо: «Тохахьа суна» элира цу
стаге. ТӀаккха вукхо чевнаш хиллал йиттира цунна.
38 Пайхамар, шен бӀаьргаш дӀахьулбархьама
дуьхьал хӀума а оьллина, новкъа а ваьлла, некъана
уллохь лаьтташ вара, исраилхойн паччахье
хьоьжуш. 39 Паччахь шена уллохула чекхволуш,
пайхамаро цуьнга, мохь тоьхна, элира: «Хьан лай
волу со тӀаме ваханера. ТӀаккха цхьана стага,
юьстах а ваьлла, суна тӀе стаг валийра. Цо элира:
„ХӀара стаг ларвелахь. Иза дийна ца висахь, хьан са
цуьнан синан метта дӀаоьцур ду. Я ахьа цхьа гали
дети дала дезар ду йолана“. 40 Хьан лай волчу аса
цхьацца гӀуллакхаш дечу хенахь, и стаг дӀаведира».
«Иштта кхел хир ю-кх хьуна а, ахьа-айхьа
тӀелаьцна хӀума иза долу дела», – элира цуьнга
исраилхойн паччахьо.
41 Пайхамаро цу сохьта шен бӀаьргашна дуьхьал
тӀеяийтина хӀума дӀаяькккхира. ТӀаккха хиира
паччахьна иза пайхамарех вуйла. 42 Пайхамаро
элира цуьнга: «Иштта боху Везачу Эло: „Аса
хӀаллакьхила веза аьлла волу стаг ахьа дӀахецна,
цундела хьан са цуьнан синан метта а хир ду, ткъа
хьан халкъ цуьнан халкъан метта а хир ду“».
43 ТӀаккха исраилхойн паччахь, чӀогӀа дог а
доьхна, оьгӀаз а вахана, цӀа вирзира. Иза Шамран-
гӀала схьакхечира.

### Набутин кемсийн беш

21 И дерриг а хиллачул тӀаьхьа хӀара хилира.
ИзраӀалхочун Набутин ИзраӀал-гӀалахь
кемсийн беш яра. Иза Шамран-гӀаларчу Ахьаб-
паччахьан цӀенна уллохь яра. 2 Цхьана дийнахь

† *20:36 Сулим 13:24.*

Ахьаба элира Набутига: «Хьайн кемсийн беш суна
схьало, соьга цунах хасстоьмийн беш яйтархьама,
хIунда аьлча и беш паччахьан сан цIенна уллохь ю.
Ткъа аса хьан бешал гIоле йолу кемсийн беш лур ю
хьуна цунна дуьхьал. Я хьуна лаахь, цу бешах
богIуш болу мах лур бу аса хьуна».
3 Амма Набутис Ахьабе жоп делира: «Ларвойла со
Везачу Эло, сайн ден тIаьхьалонах дерг хьуна
дIадаларх!»
4 ИзраIалхочо Набутис шега, лур дац аса хьуна
сайн ден тIаьхьалонах дерг аларна, чIогIа дог а
доьхна, оьгIаз а вахана, цIа веара Ахьаб-паччахь.
Иза, пенехьа дIа а вирзина, шен метта
охьавижира. Цо яа хIума а ца йоура. 5 Ахьабан зуда
Изабал чуелира. Цо Ахьабе элира: «Хьан дог а
стенна доьхна, юург а хIунда ца йоу ахьа?»
6 Ахьаба зудчуьнга жоп делира: «ИзраIалхо волчу
Набутига: „Схьало суна хьайн кемсийн беш! Йохка
иза суна, я, хьайна лаахь, вукху кемсийн бешах
хийцахьа“, – аса шега аьлча, цо ша иза лур яц
элира».
7 ТIаккха Ахьабан зудчо Изабала цуьнга элира:
«Ткъа хьо ма ву исраилхойн паччахь?! Хьала а
гIаттий, хьайн яа хIума а яа, синна паргIат а хила.
Аса схьайоккхур ю хьуна израIалхочун Набутин
кемсийн беш».
8 Изабала Ахьабан цIарах кехаташ яздира. ТIаккха
цуьнан мухIарца уьш чIагI а дина, Набути вехачу
гIалахь болчу къаношка а, цIеяхана болчу нахе а
дIахаийтира. 9 Кехаташ тIехь цо иштта яздора: «
*Марха* а лаций, халкъана юкъа баьрчче охьахааве
Набути. 10 Ткъа цунна дуьхьал ши зуламхо охьа а
хаавай, цунна дуьхьал тоьшалла а деш, цаьрга
дIаалийта: „Ахьа Дела а, паччахь а емалвеш хIума
элира“. ТIаккха гIалара ара а ваккхий, валлалц
тIулгаш кхисса цунна тIе».
11 Набути вехачу гIалара наха, къаноша,
хьоладайша, Изабала шайна тIе-ма-диллара, цо
шайга даийтинчу кехаташ тIехь яздина ма-хиллара
кхочушдира. 12 Цара, марха а лаьцна, халкъана
юкъахь баьрчче охьахаийра Набути. 13 ТIаккха ши
зуламхо, цунна дуьххьал охьа а хиъна, оцу
халкъана хьалха шайн тоьшаллаш дан вуьйлира.
Цара бохура: «Набутис Дела а, паччахь а емалвеш
хIума элира». Цара Набути гIалара ара а ваьккхина,
цунна тIе тIулгаш а кхиссина, иза вийра. 14 ТIаккха
Изабале хаам бан нах бахийтира, Набутина тIе
тIулгаш а кхиссина, иза вийна аьлла.
15 ТIе тIулгаш а кхиссина, Набути вийна аьлла
шена хезча, Изабала Ахьабе элира: «Хьала а
гIаттий, хьайна йохка ца лиъначу израIалхочун
Набутин кемсийн беш хьайн дола яккха, хIунда
аьлча Набути велла». 16 Набути вийна аьлла шена
хезча, Ахьаб хьалагIаьттира, израIалхочун Набутин
кемсийн беша а вахана, иза шен дола яккхархьама.
17 ТIаккха Везачу Элан дош кхечира тишабхо
волчу Эли-ЯхIуга: 18 «Хьала а гIаттий, Шамран-
гIаларчу исраилхойн паччахьна Ахьабана
дуьхьалваха новкъавала. Иза хIинца Набутин
кемсийн бешахь ву. И беш шен дола яккха веана
иза цига. 19 Ахьа цуьнга ала: „Иштта боху Везачу
Эло: ‘Стаг вен а вийна, цуьнан дех дисинчун
латтан дакъа а хьайн дола даккха воллу те хьо?’“ –
Кхин а ала цуьнга: „Иштта боху Везачу Эло:
‘Набутин цIийна жIаьлеша мотт хьаьккхначу
меттехь, хьан цIийна а мотт хьоккхур бу
жIаьлеша’“».
20 Ахьаба Эли-ЯхIуга элира: «Сан мостагIа, карий-
кха хьуна со!»
Эли-ЯхIус элира: «Карий! ХIунда аьлча ахьа Далла
хьалха Цуьнан лаамехь доцу хIума деш ду. 21 Иштта
боху Везачу Эло: „ХIинца Аса хала баланаш
тIебохккуьйтур бу хьуна, хьан тIаьхьенах волу массо
а боьрша стаг – чувоьллина я маьрша иза велахь а
– хIаллак а вийр ву. 22 Ахьа, Исраилан халкъе
къинош а летадайтина, Со дарварна, Аса хьан
цIенна а дийр ду НабатIан кIентан ЯрбаIаман
цIенна а, АхьъяхIун кIентан БаIшин цIенна а
диннарг“. 23 †Иштта Изабалах лаьцна Везачу Эло
боху: „ЖIаьлеша юур ю Изабал ИзраIал-гIалин
пенна уллохь. 24 Ахьабан цIийнах верг гIалахь
велча, иза а жIаьлеша вуур ву. Ткъа аренгахь
веллачунна стигалан олхазарша зIакарш еттар ю“».
25 (Шен зудчо Изабала шен лере дуьйцучуьнга ла
а доьгIуш, Везачу Элана зуламе хеташ дерг дарна
шен дог тIедерзийна волу Ахьаб-паччахь саннарг
хIетталц ваьлла а вацара. 26 Везачу Эло Исраилан
халкъана дуьхьалара дIабаьхна болчу эмархоша,
цIушна Iамал а еш, лелийна хилла доллу
гIуллакхаш леладора Ахьаб-паччахьо а.)
27 Оцу массо а дешнашка ла а доьгIна, Ахьаба
шена тIера бедарш этIийра. Цо шена тIе
сингаттаман бедарш юьйхира. Иза марха а кхобуш,
оццу бедаршца дIа а вуьжуш, чIогIа сингаттаме
вара.
28 ТIаккха Везачу Элан дош кхечира тишабхо
волчу Эли-ЯхIуга: 29 «Гой хьуна, Ахьаба Суна хьалха
ша мел лахара хетийтира? Суна хьалха цо ша
лахара хетийтарна, иза вехачу ханна бохкуьйтур
бац Аса цунна тIе баланаш. Ахьабан кIант вехачу
заманахь цуьнан цIенна тIе балор бу Аса и
баланаш».

### Мика-ЯхIу-пайхамар а, Ахьаб-паччахь а
(2 Шерашкахь 18:2-27)

22 Кхаа шарахь Араман халкъана а, Исраилан
халкъана а юкъахь тIом бацара. 2 КхоалгIачу
шарахь яхIудхойн паччахь ЯхIушапти исраилхойн
паччахьна тIевахара.
3 Исраилхойн паччахьо шен ялхошка элира:
«Шуна хаьий ГалIад-махкахь йолу Рамат-гIала вайн
юйла? Ткъа вай дуккха а хенахь дуьйна, дист а ца
хуьлуш, арамхойн паччахьан карара иза схьа а ца
йоккхуш, Iаш ду». 4 Ахьаба ЯхIушаптига элира: «Хьо

† *21:23 ТIаьххьарнаш 9:36.*

вогIур варий соьца ГалIадерачу Рамат-гIалина
тIелата?»
ЯхIушаптис исраилхойн паччахье Ахьабе жоп
делира: «Дера вогIур ву! Вай гергара ма ду. Сан
халкъ а хьан халкъ ма ду, сан дой а хьан дой ма
ду». 5 ЯхIушаптис кхидIа исраилхойн паччахье
элира: «Амма цкъа хьалха Везачу Эло хIун боху
хаттийтахьа».
6 Исраилхойн паччахьо, виъ бIе хиллал пайхамар
схьа а гулвина, цаьрга хаьттира: «ГалIадерачу
Рамат-гIала тIамца ваха везий те со, я ваха ца веза
те?»
Цара жоп делира: «Ваха веза. Везачу Эло хьан
кара схьалур ю иза».
7 ТIаккха ЯхIушаптис хаьттира: «Кхин цхьа а вуй
те кхузахь Везачу Элан пайхамар? Цуьнгахула а
Везачу Эле хаттар дийр дара вай».
8 Исраилхойн паччахьо ЯхIушаптига элира: «Кхин
а цхьа пайхамар ву, шегахула Везачу Эле хаттар
дан мегар долуш. Амма суна иза ца веза, хIунда
аьлча цо цкъа а сох лаьцна Делера дика хаам ца
бо, вониг бен. Иза Йимлаан кIант Мика-ЯхIу ву».
«Паччахь, ма алахьа иштта», – элира ЯхIушаптис.
9 ТIаккха, паччахьан кертара цхьа ялхо схьа а
кхайкхина, исраилхойн паччахьо цуьнга элира:
«Вало, сихха Йимлаан кIант Мика-ЯхIу схьавалош
вола».
10 Исраилхойн паччахь Ахьаб а, яхIудхойн
паччахь ЯхIушапти а, шаьшшинна тIе паччахьан
духарш а дуьйхина, хIорра а шен паччахьан гIанта
тIе охьахиъна вара. Уьш Шамран-гIалин кевнехьа
йолчу хьаьттарехь бара. Берриге а пайхамарш
бара, пайхамаралла а деш, царна хьалха
дIахIиттина. 11 КинаIанан кIанта ЦIадукъ-ЯхIус,
шена тIе аьчка маIаш а ехкина, элира: «Иштта боху
Везачу Эло: „Арамхой хIаллакбина охьабаххкалц
хIара маIаш Iуьттур ю ахьа царна“». 12 Массо а
пайхамаро а, цхьатерра хаам а беш, бохура:
«ГалIадерачу Рамат-гIалина тIелата, дерриг а
кхиамца чекхдер ду. Везачу Эло паччахьан кара
схьалур ю иза».
13 Мика-ЯхIуга схьакхайкхха ваханчу стага цуьнга
элира: «Пайхамарша, шаьш хиндолчух хаамаш
бечу хенахь, массара а цхьатерра паччахьна
диканиг олу. Хьан дош а хилахьара цара хIораммо
а бохучух терра. Ахьа а диканиг алахьа».
14 Мика-ЯхIус цуьнга элира: «Дийна волчу Везачу
Элах чIагIо йо аса, сайга Везачу Эло боххург айса
дIаэриг хилар».
15 Пайхамар паччахьна тIевеара. Паччахьо Мика-
ЯхIу-пайхамаре хаьттира: «Мика-ЯхIу! Ваха везий
те со тIамца ГалIадерачу Рамат-гIала я ца веза?»
Мика-ЯхIу-пайхамаро паччахье элира: «ДIагIо
хьо. Кхиам хир бу хьан. Везачу Эло хьан кара
схьалур ю хьуна иза».
16 ТIаккха паччахьо цуьнга элира: «Мосазза чIагIо
яйта еза те аса хьоьга, Везачу Элан дуьхьа билггал
бакъдерг бен соьга хIумма а ма алахьара аьлла?»
17 [†]ТIаккха Мика-ЯхIу-пайхамаро элира: «Суна
хьалха Делера сурт хIоьтти, массо а исраилхой,
шайна тIехь Iу воцу уьстагIий санна,
лаьмнашкахула дIасабаьржина. ТIаккха Везачу Эло
элира: „Вац царна тIехь хьаькам, уьш хIорра а шен
цIа маьрша вухавоьрзийла“».
18 Исраилхойн паччахьо ЯхIушаптига элира: «Аса
элирий хьоьга, цо цкъа а сох лаьцна Делера дика
хаам ца бо, вониг бен!»
19 [††]ТIаккха Мика-ЯхIу-пайхамаро элира: «Ткъа
хIинца Везачу Эло бохучуьнга ладогIа! Суна гира,
Веза Эла Шен Iаршана тIе охьахиъна Iаш, ткъа
стигаларчу гуламан массо а декъашхой Цунна
уллохь лаьттара – Цуьнан аьтту а, аьрру а агIор.
20 Везачу Эло элира: „Шух хьан тIеерзор яра
Ахьабан ойла, иза тIамца ГалIадерачу Рамат-гIала а
вахана, цигахь хIаллакьхилийтархьама?“ Цхьаммо
цхьаъ олура, вукхо важа олура. 21 ТIаккха
стигаларчу гуламан цхьана декъашхочо, Везачу
Элана хьалха дIа а хIоьттина, элира: „Аса дийр ду“.
Везачу Эло хаьттира: „Муха?“ 22 Стигалара гуламан
оцу декъашхочо жоп делира: „Аса, вахана, цуьнан
мел болчу пайхамаршка харцдерг олуьйтур ду“.
Везачу Эло элира: „Ахьа иза берта а валаве, хьо
ларор ву иза дан. Ваха а гIой, иштта де ахьа“.
23 Иштта, Везачу Эло оцу хьан массо а
пайхамаршка хьоьга харцдерг алийтира. Везачу
Эло хьуна тIе бохам баийта сацам ма бира!»
24 ТIаккха КинаIанан кIанта ЦIадукъ-ЯхIус, Мика-
ЯхIу-пайхамаран бесни тIе тIара а тоьхна, элира: «И
бохург хIун ду? Везачу Элан Са хьоьгахула хаам
бархьама, сох дIакъаьстина ткъа?»
25 Мика-ЯхIус элира: «Хьажал, хьо
къайлавалархьама чухуларчу цхьана чоьнна чу
ваханчу дийнахь иза хуур ду хьуна».
26 Исраилхойн паччахьо элира: «Мика-ЯхIу-
пайхамар схьа а лаций, гIалин хьаькамна Аминна
тIе а, паччахьан кIантана Юашина тIе а вига. 27 Аша
цаьрга дIаала: „Иштта боху паччахьо: ‘ХIара стаг
набахти чу волла. Со маьрша цIа верззалц, кIеззиг
бепиг а, хи а бен, хIумма а ма ло цунна’“».
28 Мика-ЯхIу-пайхамаро элира: «Нагахь хьо
маьрша вухаверзахь, соьгахула хаам бинарг Веза
Эла ца хилла». Кхин а цо элира: «Дерриг а халкъо
ладогIа аса аьллачуьнга!»

### Ахьаб-паччахьан валар

(2 Шерашкахь 18:28-34)

29 Исраилхойн паччахь а, яхIудхойн паччахь
ЯхIушапти а ГалIадерачу Рамат-гIалина тIелетира.
30 Ахьаб-паччахьо ЯхIушапти-паччахье элира: «Аса,
со мила ву къайладаккхархьама, сайна тIера духар
а хийцина, тIом дIаболор бу. Ткъа ахьа хьайн
паччахьан духар тIедуха». Иштта, ша мила ву
къайладаккхархьама, шена тIе хийцина хIума а
юьйхина, тIом дIаболийра исраилхойн паччахьо.

† *22:17 Лелар 27:17; Маттай 9:36; Марк 6:34.* †† *22:19 Аюб 1:6; ЕшаI-ЯхIу 6:1.*

[31] Арамхойн паччахьо шен ткъе шийтта тIеман
гIудалкхийн хьаькаме омра динера: «Царах я
жимачуьнца а, я воккхачуьнца а тIом ма бе, веккъа
цхьана исраилхойн паччахь воцучуьнца», – аьлла.
[32] ЯхIушапти шайна гича, гIудалкхийн
хьаькамашна иза билггал исраилхойн паччахь ву
моьттира. Арамхой цунна тIебуьйлабелира, тIелата
дагахь. ЯхIушаптис мохь хьаькхча, [33] иза
исраилхойн паччахь воций а хиъна, гIудалкхийн
хьаькамаш цунна тIаьхьабевллачуьра севцира.
[34] Цу хенахь цхьана стага ларамаза пха кхоьссира.
И пха исраилхойн паччахьна тIехь долчу гIаьгIнан
дакъошна юккъе кхийтира, цо паччахьна чов
йира. Шен гIудалкх лелош волчуьнга Ахьаб-
паччахьо элира: «Юха а верзий, тIом бечу меттера
дIаваккха со – суна чов йина».
[35] Амма цу дийнахь тIом чIагIбелира, ткъа Ахьаб-
паччахь арамхошна дуьхьал лаьттачу шен
гIудалкха чохь лоттуьйтура. Паччахьан цIий
гIудалкхан буха охьаоьхура, ткъа суьйранна иза
велира. [36] Малх дIабузучу хенахь эскаран
дакъошкахула дIахьедар дIасадаьржира: «ХIора а
шен-шен гIала, шен-шен махка дIагIо!» – аьлла.
[37] Иштта велира Ахьаб-паччахь. Цуьнан дакъа
Шамран-гIала деара, цигахь иза дIавоьллира.
[38] Паччахьан гIудалкх Шамранан Iома чохь йилира
(цигахь сийсаза лела зударий а луьйчура). Ткъа
цуьнан цIийна тIе жIаьлеша мотт хьаькхира,
Везачу Эло ма-аллара.
[39] Ахьаб-паччахьан кхидолчу гIуллакхех лаьцна –
цо мел динчух а, цо дIахIоттийначу пийлан
кIомсарех долчу цIийнах а, цо яйтинчу массо а
гIаланех а лаьцна – яздина ду *Исраилхойн
паччахьийн тептар* тIехь. [40] Иштта, Ахьаб-паччахь,
дIа а кхелхина, шен дайх дIаккхийтира. Цуьнан
метта паччахь хилла дIахIоьттира цуьнан кIант
Ахьаз-ЯхIу.

### ЯхIудхойн паччахь ЯхIушапти
(2 Шерашкахь 20:31–21:1)

[41] Асин кIант ЯхIушапти яхIудхойн паччахь
дIахIоьттира, исраилхойн паччахьо Ахьаба
паччахьалла до доьалгIа шо долуш. [42] ЯхIушапти
паччахь дIахIуттуш, цуьнан ткъе пхийтта шо дара.
Цо ткъе пхеа шарахь паччахьалла дира
Ярушалаймехь. Цуьнан ненан цIе Iазубат яра. Иза
Шилхьайн йоI яра. [43] Массо а гIуллакхашкахь
ЯхIушапти шен ден Асин новкъахула лелаш вара.
Иза цу некъа тIера дIа а ца велира, Везачу Элан
лаамехь а лийлира. Делахь а, тIехь сагIа доккху
гунаш цо дIадахаза дисина дара, ткъа наха кхидIа а
оцу гунаш тIехь сагIа а доккхура, *хаза хьожа йогIу
хIума* а ягайора. [44] ЯхIушаптис исраилхойн
паччахьца машар латтийтира.
[45] ЯхIушаптин кхидолчу гIуллакхех лаьцна –
цуьнан майрачу гIуллакхех а, цо бинчу тIамах а
лаьцна – яздина ду *ЯхIудхойн паччахьийн тептар*
тIехь. [46] Шен дас Асас паччахьалла дечу хенахь
дуьйна бисина болу, цIуйн дуьхьа сийсаза лелаш
болу «базбина» божарий а, хIаллакбина, дIабехира
цо махкара.
[47] Оцу хенахь Эдом-махкахь паччахь вацара.
Цигахь олалла деш яхIудхойн паччахьан мехкада
вара.
[48] ЯхIушаптис хIордкеманаш дайтира, Апар-
махкара деши схьадархьама. Амма уьш цига дIа ца
кхечира. Новкъахь Iецйон-ГIебаре дIакхочуш
хIордкеманаш, доха а доьхна, хIаллакьхилира.
[49] ТIаккха Ахьабан кIанта Ахьаз-ЯхIус ЯхIушаптига
элира: «Сан ялхой хьан ялхошца цхьаьна бахийта
вай хIордкеманаш тIехь?» Амма ЯхIушапти реза ца
хилира иза дан.
[50] ЯхIушапти, дIа а кхелхина, шен дайх
дIаккхийтира. Иза царна уллохь, Даудан гIалахь,
дIавоьллира. ЯхIушаптин метта паччахь хилира
цуьнан кIант ЯхIурам.

### Исраилхойн паччахь Ахьаз-ЯхIу

[51] ЯхIудхойн паччахьо ЯхIушаптис олалла до
вуьрхIитталгIа шо долуш, Ахьабан кIант Ахьаз-ЯхIу
исраилхойн паччахь хилира. Шамран-гIалахь Iаш а
волуш, Ахьаз-ЯхIус исраилхошна тIехь шина
шарахь олалла дира. [52] Шен ден а, ненан а
новкъахула а лелаш, иштта Исраилан халкъе
къинош летадайтина волчу НабатIан кIентан
ЯрбаIаман новкъахула а лелаш, цо Везачу Элана
зуламе хеташ долу гIуллакхаш лелийра. [53] Шен дас
лелийна доллу гIуллакхаш а лелош, БаIална
Iибадат а деш, цунна гIуллакх дарна, Исраилан
халкъан Веза Дела оьгIазвахийтира Ахьаз-ЯхIус.

# ТIаьххьарнаш

### Дешхьалхе

тептар тIехь кхидIа а дуьйцуш ду Исраилан шина пачхьалкхах лаьцна – тептар тIехь долийнарг. ХIара тептар шина декъе декъа тарло: 1) шина пачхьалкхах лаьцна долу гIуллакхаш, Iийса дуьнен тIе валале уьссалгIачу бIешеран юккъера дуьйна, 722-чу шарахь хиллачу Шамран-гIала эшорна а, къилбаседера пачхьалкх йохорна а тIекхаччалц (1-17 кортош); 2) ЯхIудан пачхьалкхах лаьцна долу гIуллакхаш, Исраилан пачхьалкх йоьхча дуьйна, 586-чу шарахь хиллачу Бавеларчу Набухди-Нецар-паччахьо Ярушалайм-гIала схьаяккхарна а, иза йохорна а тIекхаччалц (18-25 кортош). Бавелхойн куьйга кIел хиллачу ЯхIуд-мехкан мехкадех Гадал-ЯхIух лаьцна дийцар а, Бавел-махкахь хиллачу набахти чуьра яхIудхойн паччахь хилла волу ЯхIу-Яхин арахецарх лаьцна дийцар а тептаран чаккхенехь ду.

И бохамаш хуьлура, исраилхой а, яхIудхой а, церан паччахьаш а Далла тешаме цахилар бахьана долуш. Ярушалайм-гIала йохор а, халкъ йийсаре дIадигар а Исраилан халкъана хиллачу хIуманашна юкъахь тидам къаьсттина чIогIа тIебохуьйтуш дерш ду.

Оцу тептар тIехь уггар лараме пайхамар хилла волу Эли-ЯхIу дуьнен чуьра дIаваьллачул тIаьхьа пайхамаралла лелош хилларг ЭлишаI ву.

### Эли-ЯхIу-пайхамар а, Ахьаз-ЯхIу-паччахь а

1 Ахьаб-паччахь веллачул тIаьхьа Муаби-
мехкан халкъ исраилхошна дуьхьал гIаьттира.
2 Ахьаз-ЯхIу-паччахьна, Шамран-гIалахь долчу
шен цIенойн лакхарчу цIийнан дечиган гурахула
чу а воьжна, чов хилира. Цо геланчаш бахийтира,
цаьрга иштта а олуш: «Даха а гIой, Iекхран-гIаларчу
*цIу-дела* волчу БаIал-Забубе † хатта: „ХIокху чевнах
хьалхавер вуй те со?“ – алий». 3 ТIаккха Везачу Элан
Малико тишабхочуьнга Эли-ЯхIуга элира: «Вало,
хьала а гIаттий, Шамран-гIалахь Iаш а волуш,
исраилхошна тIехь олалла дечу паччахьо
бохуьйтуш болчу геланчашна дуьхьал а гIой,
цаьрга иштта ала: „Исраилан халкъан Дела вац
ткъа? ХIунда доьлху шу Iекхран-гIаларчу цIу-деле
БаIал-Забубе хаттар дан? 4 Паччахьо и дарна,
Везачу Эло иштта боху: ‘Хьо, вижина Iуьллучу
меттара кхин хьала а ца гIоттуш, лийр ву’“».
Эли-ЯхIу-пайхамар и дIаала вахара.
5 Бахийтинарш Ахьаз-ЯхIуна тIе юхабирзира.
Паччахьо цаьрга элира: «Шу юха хIунда дирзи?»
6 Геланчаша жоп делира: «Тхуна дуьхьал цхьа стаг
кхийтира. Цо тхоьга элира: „Дуьйло, шаьш
схьахьажийначу паччахьна тIе юхадерза. Аша
цуьнга дIаала: ‘Иштта боху Везачу Эло: Исраилан
халкъан Дела вац ткъа? Ахьа хIунда бохуьйту
Iекхран-гIаларчу цIу-дела волчу БаIал-Забубина тIе
хаттарца? Цундела хьо, вижина Iуьллучу меттара
кхин хьала а ца гIоттуш, лийр ву’“».
7 Паччахьо хьаьттира цаьрга: «ТIехьаьжна муха
вара, шуна дуьхьал а веана, шуьга и дешнаш аьлла
волу стаг?»
8 ††Цара жоп делира: «Цу стеган дегIа тIехь дукха
чоьш ‡ а дара, гIодаюкъах дихкина тIаьрсиган
доьхка а дара».
Ахьаз-ЯхIус элира: «Иза тишабхо волу Эли-ЯхIу
ву».
9 Шовзткъе итт тIемалочуьнца волу хьаькам
вахийтира цо Эли-ЯхIуна тIе. Иза Эли-ЯхIуна
тIевахара. Ткъа Эли-ЯхIу ломан боххьехь вара.
Хьаькамо Эли-ЯхIуга элира: «Делан стаг! Паччахьо
чувосса боху хьоьга».
10 ‡†Эли-ЯхIус жоп делира цуьнга: «Со Делан стаг
велахь, стигалара цIе а йоьссина, хьо а, хьан
тIемалой а дIакхоллийла цо». Юха, стигалара цIе а
йоьссина, оцу цIеро тIемалойн хьаькам а, цуьнан
шовзткъе итт тIемало а дIакхаьллира.
11 ТIаккха паччахьо кхин а цхьа тIемалойн
хьаькам а, цуьнан шовзткъе итт тIемало а
вахийтира Эли-ЯхIуна тIе. Оцу тIемалойн хьаькамо
а элира: «Делан стаг, паччахьо сихха чувосса боху
хьоьга!»
12 Эли-ЯхIус, жоп луш, элира: «Со Делан стаг
велахь, стигалара цIе а йоьссина, хьо а, хьан
тIемалой а дIакхоллийла цо». Стигалара цIе а

† *БаIал-Забуба *– иза «Мозийн Эла» бохург ду.**

†† *1:8 Маттай 3:4; Марк 1:6.* ‡ *Дукха чоьш *– я иштта: *тIаргIанах йина бедарш.** ‡† *1:10, 12 Лака 9:54.*

йоьссина, оцу цIеро тIемалойн и хьаькам а, цуьнан
шовзткъе итт тIемало а дIакхаьллира.
13 ТIаккха кхозлагIа а вахийтира паччахьо
тIемалойн хьаькам шен шовзткъе итт
тIемалочуьнца. Цо, лома тIе хьала а ваьлла, Эли-
ЯхIуна хьалха гора а вахана, дехарш а деш, элира:
«Делан стаг! Сох а, оцу хьан лай волчу шовзткъе
итт тIемалочух а къинхетам бехьа. Тхо дийна
дитахьа! 14 Гой хьуна, стигалара йоьссинчу цIеро
сол хьалха схьавеана волу тIемалойн ши хьаькам,
хIорра а, шен шовзткъе итт тIемалочуьнца
цхьаьна дIакхаьллина. Амма сох хIинца къинхетам
бахьара ахь!»
15 Везачу Элан Малико Эли-ЯхIуга элира: «Кхера а
ца кхоьруш, дIагIо цуьнца». ТIаккха Эли-ЯхIу, хьала
а гIаьттина, тIемалойн хьаькамца паччахьна
тIевахара. 16 Эли-ЯхIус элира паччахье: «Иштта боху
Везачу Эло: „Ахьа, Iекхран-гIаларчу цIу-далла
БаIал-Забубина тIе хаттарш эцна геланчаш
бахийтира, Исраилан халкъан Дела воцуш санна,
Дала бохург хаархьама. Цундела, вижина Iуьллучу
цу меттара кхин хьала а ца гIоттуш, лийр ву хьо“».
17 Эли-ЯхIу-пайхамарехула Везачу Эло ма-аллара,
Ахьаз-ЯхIу велира. ТIаккха Ахьаз-ЯхIун метта
паччахь хIоьттира цуьнан ваша Йорам †, хIунда
аьлча Ахьаз-ЯхIун шен кIант вацара. Иза дара
яхIудхойн паччахь волчу ЯхIушаптин кIанта
ЯхIурама олалла динчу шолгIачу шарахь.
18 Ахьаз-ЯхIу-паччахьо динчу гIуллакхех лаьцна –
цо мел динчух лаьцна – яздина ду *Исраилхойн
паччахьийн тептар* тIехь.

### Дала Эли-ЯхIу-пайхамар стигала хьалаваккхар

2 Везачу Эло йилбазмохана юкъахь Эли-ЯхIу-
пайхамар стигала хьалавоккху хан
тIекхаьчначу хенахь, Эли-ЯхIу Галгал-гIаларчу
ЭлишаIаца новкъахула вогIуш вара. 2 Эли-ЯхIус
ЭлишаIе элира: «ЭлишаI, хьо кхузахь сацахьа,
хIунда аьлча со Везачу Эло Бетал-гIала хьажийна».
Ткъа ЭлишаIа жоп делира: «Дийна волчу Везачу
Элах а, дийна волчу хьох а чIагIо йо ас, со хьох
дIакъаьстар вац аьлла». И шиъ Бетал-гIала
дIавахара
3 Бетал-гIаларчу пайхамарийн тобано, ЭлишаIана
дуьхьал а еана, цуьнга хаьттира: «Хаьий те хьуна,
тахана Везачу Эло хьан олахо хьо волчуьра
дIаоьцург хилар?»
ЭлишаIа жоп делира: «Суна хаьа иза, амма аша
цунах лаций цхьаьнгге а ма дийца».
4 Эли-ЯхIус юха а элира: «ЭлишаI, хьо кхузахь
сацахьа, хIунда аьлча Везачу Эло со Ерихон-гIала
хьажийна».
ЭлишаIа жоп делира: «Дийна волчу Везачу Элах а,
дийна волчу хьох а чIагIо йо ас, со хьох
дIакъаьстар вац аьлла». И шиъ Ерихон-гIала
дIавахара.
5 Ерихон-гIаларчу пайхамарийн тобано,
ЭлишаIана дуьхьал а еана, цуьнга хаьттира: «Хаьий
те хьуна, тахана Везачу Эло хьан олахо хьо
волчуьра дIаоьцург хилар?»
«Суна хаьа иза, амма аша цунах лаций цхьаьнгге
а ма дийца», – жоп делира ЭлишаIа.
6 Эли-ЯхIус юха а дийхира ЭлишаIе: «ЭлишаI, хьо
кхузахь сацахьа, хIунда аьлча Везачу Эло со
Йордан-хи долчу хьажийна».
ЭлишаIа элира: «Дийна волчу Везачу Элах а,
дийна волчу хьох а чIагIо йо аса, со хьох
дIакъаьстар вац аьлла». И шиъ дIаволавелира.
7 Пайхамарийн тобанах волу шовзткъе итт стаг,
царна тIаьхьа а ваьлла, геннахь дIахIоьттира. Ткъа
Эли-ЯхIу а, ЭлишаI а, Йордан-хина тIе а кхаьчна,
цигахь дIахIоьттира. 8 ТIаккха, шен тIехула юху
бедар схьа а эцна, иза хьарча а йина, хи чу
туьйхира Эли-ЯхIус. Хи дIасадекъаделира, и шиъ
екъачухула дехьавелира. 9 ††Уьш хих дехьабевлча,
Эли-ЯхIус ЭлишаIе элира: «Хьуна уллора со Дала
стигала хьалаваккхале, аса хьайна дан луург деха
соьга».
ЭлишаIа элира: «Хьоьца долу са, сайца шозза сов
хила лаьара суна».
10 Эли-ЯхIус жоп делира: «Ахьа доьхург хала хIума
ду. Нагахь санна хьан бIаьргашна со стигала
хьалавоккхуш гахь, ахьа доьхург хир ду хьуна, ткъа
ца гахь – хир дац».
11 Къамел а деш, и шиъ новкъахула вогIучу
хенахь, цIеххьана схьаеанчу цIеран гIудалкхо а,
цIеран говраша а дIасакъастийра уьш. ТIаккха
йилбазмохана юкъахь Эли-ЯхIу стигала
хьалавахара. 12 ‡ЭлишаIа, хьала а хьоьжуш,
воккхаверца мохь туьйхира: «Ва сан да!
Исраилхойн тIеман гIап а, церан ницкъ а ма бара
хьо!» – аьлла. ЭлишаIана кхин ца гира Эли-ЯхIу.
Цо, катоьхна, шена тIера бедарш, этIа а йина,
шина декъе йийкъира. 13 ТIаккха, Эли-ЯхIуна тIера
охьайоьжна йисина йолу тIехулара бедар схьа а
эцна, ЭлишаI юхавирзира. Иза Йордан-хин йистехь
сецира. 14 И бедар, хьарча а йина, ластийна, хи чу
туьйхира ЭлишаIа. Цо элира: «Мичахь ву Веза Эла?
ХIаъ, мичахь ву Эли-ЯхIун и Дела?» ЭлишаIа Эли-
ЯхIун бедар хи чу тоьхча, хи дIаса а декъаделла,
ЭлишаI дехьавелира. 15 Ерихон-гIаларчу
пайхамаршна геннара гира схьавогIу ЭлишаI. Цара
элира: «Эли-ЯхIун са ЭлишаIана чу доьлла».
Пайхамарш, цунна дуьхьал а бахана, лаьтта
кхаччалц охьатаьIира. 16 Цара ЭлишаIе элира:
«Хьажахьа, хьан ялхой долчу тхуна юкъахь
доьналла долу шовзткъе итт стаг ву. Бахийтахьа
уьш хьайн олахо схьалаха. Везачу Элан Сино
цхьана лома тIехь я тогIи чохь охьавиллина хир ву
иза».
«Ца оьшу. Ма бахийта», – элира ЭлишаIа.

† *Цуьнан ваша Йорам *– ма-дарра аьлча, тептар тIехь «ваша» дIаяздина дац. Амма цхьадолчу ширачу гочдаршна тIехь иза тIетоьхна ду.**

†† *2:9 Карлабаьккхинарг 21:17.* ‡ *2:12 Сулим 13:14.*

17 Амма пайхамарша дукха дехарш дарна эхь а
хетта, ЭлишаIа элира: «Бахийтийша, делахь».
Шовзткъе итт стаг Эли-ЯхIу лаха вахара. Цара кхаа
дийнахь лийхира иза, амма царна иза ца карийра.
18 Ерихонехь сецначу ЭлишаIана тIе уьш
юхабирзича, цо пайхамаршка элира: «Аса ца элира
шуьга, ма гIо и лаха?»

### ЭлишаI-пайхамаран тамашийна гIуллакхаш

19 Ерихон-гIаларчу бахархоша ЭлишаI-пайхамаре
элира: «Гой хьуна, тхан эла, хIара гIала лаьтта
меттиг, хьуна ма-гарра, дика ю, амма, кхузара хи
дика цахиларна, зударий остабовлу».
20 Пайхамаро элира: «Чу туьха а диллий, цIена кад
ло соьга». Цуьнга кад дIабелира. 21 ЭлишаI хин
коьрте тIевахара. Оцу хи чу туьха а тесна, цо элира:
«Иштта боху Везачу Эло: „Аса хIара хи цIандина.
ХIинца чул тIаьхьа кхин хир дац кху хинехула я
валар, я зударий остабовлар“». 22 ЭлишаIа аьлла
ма-хиллара, и хи хIинца а цIена ду.
23 Цигара дIа Бетал-гIала вахара ЭлишаI. Иза
новкъахула вогIучу хенахь, гIалара арабевллачу
кхиазхоша, цунах бийла а буьйлуш, бохура:
«ДIавала, кIунзал баьлларг! ДIавала!»
24 ЭлишаI юхахьаьжча, и бераш гира цунна. Цо
Везачу Элан цIарах неIалт хьажийра царна. ТIаккха
хьуьнхара араяьллачу шина стен чено царах
шовзткъе ши бер этIийра.
25 Оцу меттера дIа Кармал-лома тIе вахара
ЭлишаI. Цул тIаьхьа иза Шамран-гIала юхавирзира.

### Исраилхоша муабахошца тIом бар

3 ЯхIудхойн паччахь волчу ЯхIушаптис
паччахьалла деш долу берхIитталгIа шо
долуш, исраилхойн паччахь хилла дIахIоьттира
Ахьабан кIант ЯхIурам. Цо шийтта шарахь,
Шамран-гIалахь Iаш а волуш, паччахьалла дира
исраилхошна тIехь. 2 Йорам-паччахьо а Везачу
Элана зуламе хеташ долу гIуллакхаш леладора,
шен дас а, шен ненас а дина хиллачу барамехь ца
динехь а. Шен дас БаIал-харцдела лоруш
дIахIоттийна тIулг хIаллакбина дIабаькккхира
Йорама. 3 Амма НабатIан кIанта ЯрбаIама
исраилхошка летадайтина доллу къинош цо кхидIа
а летадора, царна тIера дIа а ца воьрзуш.
4 Муабахойн паччахьан МешаIан дуккха а жаш
дара. ХIора шарахь а цхьа бIе эзар Iахар а, цхьа бIе
эзар койн тIаргIа а бохьуьйтура МешаI-паччахьо
исраилхойн паччахьна. 5 Ткъа Ахьаб велча,
муабахойн паччахь исраилхойн паччахьна
дуьхьалвелира. 6 ТIаккха Йорам-паччахьо,
Шамран-гIалара ара а ваьлла, массо а
исраилхошна юкъара эскархой тIамана
схьагулбира. 7 Цо яхIудхойн паччахьна
ЯхIушаптина тIе нах бахийтира. Цуьнга иштта
дIаала элира Йорам-паччахьо: «Муабахойн
паччахь суна дуьхьалваьлла, хьо вогIий соьца
муабахошна дуьхьал тIом бан?»
ЯхIушаптис жоп делира: «Дера вогIу! Вай гергара
ма ду. Сан халкъ – хьан халкъ ду. Сан дой – хьан
дой ду», – аьлла. 8 ЯхIушаптис хаьттира: «ТIамца
муьлхачу новкъахула даха деза тхо?»
«Эдоман яьссачу аренан новкъахула», – жоп
делира Йорама.
9 Иштта цхьаьна новкъа бевлира исраилхойн,
яхIудхойн, эдомхойн а паччахьаш. ВорхI дийнахь
хьийзаш болу некъ бича, церан эскарна а, царна
тIаьхьахIиттина догIучу шайна тIехь кира † дахьачу
дийнаташна а мала хи ца дисира. 10 ТIаккха
исраилхойн паччахьо иштта элира: «Хьажахьа!
Везачу Эло, вай кхо паччахь цхьаьна а тоьхна,
муабахойн кара дIавалархьама схьавалийна-кх?»
11 ЯхIушаптис хаьттира: «Везачу Элан пайхамарех
цхьа а вац те кхузахь, цуьнгахула Везачу Эле хаттар
дайта?»
«Цкъа мацах Эли-ЯхIу-пайхамаран ялхо хилла
волу Шаптин кIант ЭлишаI ву кхузахь», – аьлла,
жоп делира исраилхойн паччахьан тIеман
хьаькамех цхьаммо.
12 «Цуьнгахула Везачу Элера хаам хуьлу», – элира
ЯхIушаптис. ТIаккха исраилхойн паччахь а,
ЯхIушапти а, эдомхойн паччахь а ЭлишаIана
тIевахара.
13 ЭлишаIа исраилхойн паччахье элира: «Сан хIун
бала бу хьоьца? Хьайн ден а, ненан а хиллачу
пайхамаршна тIе гIо».
ТIаккха исраилхойн паччахьо цуьнга элира:
«ХIан-хIа! ХIунда аьлча Веза Эла ма ву, тхо кхо
паччахь цхьаьна а тоьхна, муабахойн кара
дIавалархьама схьавалийнарг!»
14 ЭлишаI-пайхамаро элира: «Шена ас гIуллакх
деш волчу а, дийна волчу а массо а ницкъийн
Везачу Элах чIагIо йо аса, яхIудхойн паччахь
ЯхIушапти айса лоруш вацахьара, со хьо волчу
агIор хьожур а вацара, хьо ган а луур дацара суна
аьлла. 15 Ткъа хIинца схьавалавел суна тIе дечиг-
пондар локхуш верг».
Дечиг-пондар локхуш волчо пондар локхучу
хенахь ЭлишаIах Везачу Элан куьг хьакхаделира.
16 Цо элира: «Иштта боху Везачу Эло: „ХIокху тогIи
чохь дуккха а саьнгарш яха“. 17 ХIунда аьлча Везачу
Эло иштта боху: „Шуна я мох баьлла, я догIа догIуш
ца гушшехь, хIара тогIи хих юзур ю. И хи шуна а,
шайна тIехь кира кхоьхьучу дийнаташна а, шун
хьайбанашна а мала хир ду“. 18 Амма Веза Эла иза
дина Iийр вац, Цо муабахой а дIалур бу шун кара.
19 Аша церан массо а чIагIйина йолу гIаланаш а,
массо а коьрта гIаланаш а хIаллакйийр ю. Аша
дерриг а тоьлла долу дитташ а хедор ду, массо а
хин хьоста а лакъор ду. Аренгара тоьлла долу
лаьттан дакъош а, тIе тIулгаш а кхиссина, талхор
ду».

† *Кира *– дIасакхоьхьу мохь.**

20 ШолгIачу дийнахь, Iуьйренан сагIа доккхучу
хенахь, цIеххьана, Эдомера схьабогIучу
новкъахула хи схьахьаьдира. Латта хих дуьзира.
21 Паччахьаш шайца тIом бан арабевлла аьлла,
дIахезнера массо а муабахошна. Цундела тIеман
гIирс лелалуш болу массо а нах, жимачунна тIера
воккхачунна тIекхаччалц, схьагулбинера цара.
Мехкан дозанехь дIахIиттийнера уьш. 22 Iуьйранна
уьш хьалхxе хьалагIевттира. Хина тIехула къеггина
малх хьалабелира. Генна дIахьаьжначу
муабахошна и хи, цIий санна, цIен бос болуш
тарделира. 23 Цара элира: «Иза цIий ду.
Паччахьаша, вовшах а летта, вовшийн
хIаллакбина хир бу. ХIинца, муабахой, шу хIонс
схьаэца арадовла!»
24 Муабахой исраилхойн меттаматтана
тIебаьхкира. ХьалагIевттина исраилхой,
муабахошна дуьхьал а бевлла, царна тIелетира.
Муабахой исраилхойх дIабевдира. Ткъа
исраилхоша, муабахойн махка чу а бевлла, уьш
байира 25 Исраилхоша муабахойн гIаланаш
хIаллакйира. Арентгара тоьллачу дакъошна тIе,
хIораммо а цхьацца тIулг а кхоьссина, уьш ца
мегачу дехира цара. Дерриге а хьостанаш
лакъийра цара. Тоьлла долу дитташ а дIахедийра.
Цхьа Кхир-Хьарсат-гIала бен дийна ца йиснера.
Амма *ширдолаг* кхуьссурш, гIалина го а бина,
цунна а тIелетира.
26 Шаьш эшош хилар гича, муабахойн паччахьо,
эдомхойн паччахьна тIеваха некъ баккха дагахь,
карахь тур лелош волу ворхI бIе тIемало вигира
шеца, амма уьш чекх ца бовлабелира. 27 ТIаккха
муабахойн паччахьо шел тIаьхьа паччахь хила
везаш волу шен кIентех воккхаха верг, схьа а эцна,
шера а, шуьйра а болчу пена тIехь шен далла
лерина сагIина вагийра. Оцу гIуллакхо исраилхой
чIогIа эргIадбехира. Цундела уьш, цигара юха а
бевлла, шайн лаьтта тIе юхабирзира.

## ЭлишаI а, йисина Iаш йолу миска зуда а

4 Пайхамарийн тобанера волчу цхьана стеган
зудчо, елха а йоьлхуш, бохура ЭлишаIе: «Хьан
ялхо хилла волу сан майра велла. Хьуна хаьа-кх,
иза Везачу Элах кхоьруш стаг хиллий. ХIинца иза
декхарийлахь хилла волу стаг, ван а веана, сан ши
кIант дIавига воллуш ву, царах шена леш бан
дагахь».
2 ЭлишаIа цуьнга, жоп луш, элира: «Аса хIун гIо
дийр дара те хьуна? Хьан цIахь хIун ю дийцахьа
соьга».
Зудчо элира: «Сан цIахь хIумма а яц-кх,
зайтдаьтта чохь долу цхьа жима кхаба йоцург».
3 ЭлишаIа элира: «Яло, ара а ялий, массо а хьайн
лулахошкара яьсса кхабанаш а ехий, уьш дуккха а
схьагулъе. 4 Цул тIаьхьа, хьайн цIа чу а гIой, хьайна
а, хьайн шина кIантана а тIаьхьа неI тIечIагIа.
ТIаккха хьайн зайтдаьтта оцу массо а кхабанаш чу
дотта, юз-юьзнарг юьстах а йоккхуш».
5 И зуда ЭлишаI волчуьра дIаяхара. ЦIа а еана,
шена а, шен шина кIантана а тIаьхьа неI
тIечIегIира цо. Шина кIанта яьсса кхабанаш нанна
тIейохьура, ткъа цо уьш зайтдаьттанах хьалаюзура.
6 Массо а кхабанаш хьалаюьзча, нанас шен кIанте
дехар дира: «Схьакховдаехьа соьга кхин а цхьа
кхаба». КIанта цуьнга жоп делира: «Кхин яьсса
кхабанаш яц», – аьлла. ТIаккха даьтта догIучуьра
сецира. 7 И зуда Делан стаг волчу еара. Цо дерриг а
дIадийцира цуьнга. ЭлишаIа цуьнга элира: «Яло, и
зайтдаьтта дIа а дохкий, хьайн декхарш дIало. Ткъа
дисначу ахчанах хьо хьайн берашца ехар ю».

## ЭлишаI а, Шунам-гIалара хьалдолу зуда а

8 Цхьана дийнахь ЭлишаI Шунам-гIала веара.
Цигахь ехаш цхьа хьалдолу зуда яра. Оцу зудчо
ЭлишаIе дехар дира, ша йолчохь хIума яахьара
аьлла. Иштта оцу меттехула чекх мосазза волу а,
цигахь хIума а юуш, соцура ЭлишаI. 9 Оцу зудчо
шен майрачуьнга элира: «Суна хаьа, сих-сиха вайн
цIенна уллохула чекхволу и стаг Дала вазвина
пайхамар вуйла. 10 Вайн нийсачу тхов тIехула, цхьа
*гIат* тIе а дай, жимо цхьа чоь тое вай, цу чу оцу
стагана дIавижа мотт а, стол а, гIант а, *къуьда* а
билла вай? ТIаккха, иза вайга веача, цу чохь Iан
йиш хир яра цуьнан».
11 Цхьана дийнахь ЭлишаI цига веара. Иза, хьала
тIе а ваьлла, оцу цIа чохь садаIа охьавижира.
12 ЭлишаIа шен ялхо волчу ГIайхьазига элира:
«Схьакхайкхахьа оцу шунамхочуьнга». Ялхочо иза
схьакхайкхира. Шунамхо, схьа а еана, цунна хьалха
дIахIоьттира. 13 Шен ялхочуьнга ЭлишаIа элира:
«Хаттахьа оцу зудчуьнга: „Ахьа тхан оццул гIайгIа
ярна, оха хIун дика дийр дара те хьуна? Хьайх
лаьцна паччахье я эскаран хьаькаме хIумма а
дIаала лаьий те хьуна?“».
Амма цу зудчо жоп делира: «ХIан-хIа, ца оьшу. Со
сайн халкъана юкъахь ехаш ма ю».
14 ТIаккха ЭлишаIа шен ялхочуьнга хьаттира:
«ХIун дика дийр дара те оцу зудчунна?» – аьлла.
ГIайхьазис жоп делира: «Суна цуьнан кIант
воцийла хаьа, ткъа цуьнан майра воккха стаг ву».
15 «Схьакхайкхахьа цуьнга», – элира ЭлишаIа.
Ялхочо зудчуьнга схьакхайкхира. Иза неIаре
дIахIоьттира. 16 †ЭлишаIа элира цуьнга: «Цхьа шо
дIадаьлча, хIоккху хенахь, хьан карахь кIант хир
ву!»
Ткъа оцу зудчо дуьхьал элира: «ХIан-хIа, сан эла!
Ма Iехаехьа хьайн ялхо йолу со, ва Делан стаг!»
17 Амма и зуда берах хилира. ТIедеанчу шеран
ЭлишаIа цуьнга аьллачу хенахь цу зудчун кIант
хилира.
18 КIант хьалакхиира. Цхьана дийнахь кха тIехь
ялта хьоккхучаьрца цхьаьна волчу шен дена
тIевахара иза. 19 ЦIеххьана: «Сан корта лозу! Сан
корта лозу!» – элира кIанта.

---

† *4:16 Доладалар 18:4.*

«Шен нанна тIе дIавигал иза», – элира дас
ялхочуьнга. 20 Ялхочо и кIант, дIа а вигна, шен нене
дIавелира. Делккъалц шен ненан карахь а Iиллина,
кIант велира. 21 Нанас, хьала а яьлла, Делан стеган
метта тIе охьавиллира шен кIант. НеI тIе а
чIагIйина, иза цу чуьра араелира. 22 ТIаккха шен
майра схьа а кхайкхина, цо цуьнга элира: «Доьху
аса хьоьга, цхьа ялхо а, вир а схьаялаяйтахьа. Со,
сихха Делан стагана тIе а кхаьчна, юхайоьрзур
яра».
23 Майрачо элира цуьнга: «Ахьа хIун до тахана
Делан стагана тIеяхана? Я керла бутт а ца
болабелла, я шоьтан де а дац!»
«Дерриг а дика ду», – аьлла, жоп делира зудчо.
24 ТIаккха, вир дIа а йожийтина, шен ялхочуьнга цо
элира: «Сихха, вир дIа а озош, дIаволало! Аса
хьайга саца аллалц, саца а ма сацалахь». 25 И зуда
Кармал-лома тIехь волчу Делан стагана тIеяхара.
Делан стагана геннара гира шена тIейогIу
шунамхо. Цо шен ялхочуьнга ГIайхьазига элира:
«Хьажахьа, и йогIург шунамхо ю-кх! 26 Вало, цунна
дуьхьал а гIой, хатта цуьнга: „ХIун хилла, могуш юй
иза? Хьан хIусамда а, кIант а могуш вуй?“»
ГIайхьази цунна тIекхаьчча, зудчо элира: «Дерриг
а дика ду». 27 Ткъа Делан стаг лаьтташ волчу лома
тIе ша хьалаяьлча, шунамхо цуьнан когех
тасаелира. ГIайхьази иза дIаяккха дагахь
тIеволавелира, амма Делан стага цуьнга элира:
«Iадйита ахьа иза, и холчохь ю. Ткъа Везачу Эло
иза, соьга схьа а ца олуш, къайладаьккхина сох».
28 «Сан эла! Аса ма ца вийхира хьоьга кIант? Со
Iеха ма ехьа, ца элира аса хьоьга?» – бохура
шунамхочо.
29 ЭлишаIа ГIайхьазига иштта элира: «Хьайн
гIодаюкъ а ехкий, сан Iаса схьа а эций, дIаволало.
Новкъахь саца а ма саца, цхьаьнгге вист а ма хила.
Нагахь хьайна дуьхьал цхьаъ кхетахь, цуьнга
маршалла а ма хатта. Хьо дIакхаьчча, хIара Iаса
оцу кIентан юьхь тIе йилла».
30 Амма кIентан нанас элира: «Дийна волчу
Везачу Элах а, дийна волчу хьох а чIагIо йо аса, хьо
воцуш со дIагIург ца хиларх!» ТIаккха ЭлишаI, хьала
а гIаьттина, цунна тIаьххье дIавахара. 31 ГIайхьази
кху шиннал хьалха дIакхечира. Цо и Iаса кIентан
юьхь тIе охьайиллира, амма кIант вист ца хуьлура
я меттах ца волура. ТIаккха ГIайхьази, ара а ваьлла,
ЭлишаIана дуьхьалвахара. «И бер сама ца долу», –
элира цо.
32 ЭлишаI цIа чу велира, ткъа цуьнан меттахь
Iуьллуш велла кIант вара. 33 ЭлишаIа неI
тIечIегIира. Ишиъ цхьаьна висича, ЭлишаIа Везачу
Эле доIа дира. 34 †ТIаккха, кIантана тIе а вахана,
цунна тIехула дIаса а ваьржина, охьавижира
ЭлишаI. Цо шен бат кIентан бетана тIе, шен
бIаьргаш цуьнан бIаьргаш тIе, шен кераяккъаш
цуьнан кераяккъаш тIе ехкира. КIентан дегI
доxделира. 35 ЭлишаI, хьала а гIаьттина, дIа а, схьа
а волавелира. Цул тIаьхьа, юха а кIантана улло а
вахана, цунна тIехь дIасаваьржира ЭлишаI. ТIаккха
кIанта, ворхIазза хьоршам а тоьхна, шен бIаьргаш
дIабиллира. 36 ГIайхьазига схьа а кхайкхина,
ЭлишаIа элира: «Шунамхо схьакхайкхахьа».
ГIайхьазис схьакхайкхира шунамхо. Иза чу еача,
ЭлишаIа: «Схьаэца хьайн кIант», – элира цуьнга.
37 Зуда, ЭлишаIана тIе а яхана, цуьнан когашка а
йоьжна, лаьтта кхаччалц охьатаьIира цунна.
ТIаккха, шен кIант схьа а эцна, чуьра араелира иза.

### ЭлишаI-пайхамаро дина кхидолу тамашийна хIуманаш

38 Махкахь мацалла хIоьттича, ЭлишаI Галгале
юхавирзира. Пайхамарийн тобанна хьехам бечу
хенахь, шен ялхочуьнга ЭлишаIа элира: «Боккха яй
тIе а биллий, яа хIума кечъе пайхамарийн
тобанна». 39 Царах цхьаъ хасстоьмаш даха кха тIе
вахара. Цунна акха кемсийн таьлланг санна йолу
цхьа орамат карийра, амма иза кхин тайпа акха
орамат яра. Орамат тIера цхьадолу стоьмаш а
гулдина, царах шен бедаран юх юьзира пайхамаро.
Цо, юха а вирзина, уьш, хеда а дина, чорпи чу
тесира, шена уьш хIун стоьмаш ду ца хуъушехь.
40 Пайхамарийн тобанна чорпа йоьттира. Уьш и яа
буьйла-ма-белли, массара а маьхьарий хьаькхира:
«Делан стаг, кху ена чохь Iожалла тIейоуьйту хIума
ю!» – аьлла. Цаьрга чорпа ца яаелира. 41 ЭлишаIа
элира: «Дама схьадал». Цо иза ена чу тесира.
ТIаккха цо элира: «ХIинца чорпа дIаяийта нахе».
Иштта цхьа а зе ца дира нахана цара йиинчу
хIумано.
42 ЭлишаIана тIе БаIал-Шалшера цхьа хьенех
веара. Цо Делан стагана шен дуьххьарлерчу ялтин
дакъа деанера. Цуьнан тIоьрмаг чохь ткъех мекхан
бепиг а, керлачу кIен кенаш а дара. «Уьш нахана
дIа а лой, даийта цаьрга», – элира ЭлишаIа.
43 Цуьнан ялхочо элира: «БIе стагана муха лур ю аса
хIара?»
Амма ЭлишаIа жоп делира: «ДIало ахьа адамашна
и рицкъа. Даийта цаьрга и бепиг. Везачу Эло иштта
боху: „Уьш юучух бузур а бу, церан кхин а юьсур а
ю“». 44 ТIаккха ялхочо и юург пайхамарийн тобанна
хьалха охьайиллира. Уьш, Везачу Эло ма-аллара,
шаьш юучух буза а буьзира, церан кхин а йиса а
йисира.

### НаIаман туовар

5 ††Арам-мехкан ‡ паччахьан тIемалойн хьаькам
вара НаIаман. Иза ладаме а, ларам болуш а
стаг вара шен паччахьна хьалха, хIунда аьлча
арамхошка толам цуьнгахула баккхийтинера
Везачу Эло. НаIаман ша дика тIемало вара, амма
дIа ца йоьрзу *чкъуран цамгар* яра цуьнан дегIаца.
2 Арамхой шайн тобанашца исраилхошна

† *4:34, 35 Сулим 17:21.*

†† *5:1-14 Лака 4:27.* ‡ *Арам-мохк *– иза хIинцалерчу Сири-мехкан цхьа дакъа хилла.**

тIелеттера. Цкъа иштта уьш цига бахана болуш,
цара Исраил-махкара цхьа жима йоI йийсаре
ялийнера. Иза НаIаманан зудчунна хьалхара
гIуллакхаш деш яра. 3 Оцу йоIа НаIаманан
зудчуьнга элира: «Нагахь сан олахо НаIаман
Шамран-гIалахь Iаш волчу пайхамарна
тIекхачахьара, цо цамгарх товийр вара иза».
4 НаIамана шен паччахье дIадийцира исраилхойн
йоIа шега аьлларг. 5 «Хьо хIинцца дIавало цига, аса
исраилхойн паччахье яздина кехат дохьуьйтур ду
хьоьца» – элира паччахьо.
НаIамана, дIа а вахана, ткъа пунт дети а, ялх эзар
*шекхал* барамехь деши а, хуьйцуш тIеюха итт
бедар а схьаийцира шеца. 6 Цо кехат дIаделира
исраилхойн паччахье. Цу кехат тIехь яздина дара:
«ХIокху кехатца аса сайн ялхо волу НаIаман
воуьйту, цунна тIера чкъуран цамгар хьоьга
дIаяккхийтархьама».
7 Исраилхойн паччахьо, кехат дIа а дешна, шена
тIера бедар а этIийна, элира: «Со Дела-м вац, адам
дер я дендар карахь долуш? Суна тIе хIунда
ваийтина цо дIа ца йоьрзу чкъуран цамгар йолу
стаг, тове аьлла? ХIинца хаа ду шуна, иза суна
тIамца дуьхьалвала бахьана лоьхуш вуйла».
8 Делан стагана ЭлишаIана дIахезира, исраилхойн
паччахьо шена тIера бедар этIийна аьлла. ТIаккха
цо паччахьна тIе ялхо вахийтира, ахьа хьайна
тIера бедар стенна этIийна аьлла. «И стаг суна
тIеваийта, Исраил-махкахь пайхамар вуйла
хаийтархьама» – элира ЭлишаIа.
9 ТIаккха НаIаман, дой а далош, шен гIудалкха
тIехь схьакхечира. Иза ЭлишаIан цIийнан кевнехь
сецира. 10 ЭлишаIа шен ялхо вахийтира цуьнга
дIаала: «Ваха а гIой, Йордан-хи чохь ворхIазза
лийча, тIаккха хьан дегI, карла а даьлла, цIанлур
ду». 11 НаIаман, чIогIа оьгIаз а вахана, дIавахара.
Цо элира: «Суна-м моьттура, ЭлишаIа, суна дуьхьал
а хIоьттина, шен Везачу Деле а кхойкхуш, сан
дегIах куьг а хьаькхна, цамгар дIайоккхур ю.
12 Дамасакхера Амана а, Парпар а цIе йолу хиш
хIумма а оьшуш дац-кх массо а Исраил-махкарчу
хил? Оцу хиш чу ваьлчхьана, цIанлур вацара со?»
Иза а аьлла, оьгIаз а вахана, юха а вирзина,
дIавахара НаIаман.
13 Цуьнан ялхоша, тIе а бахана, элира цуьнга:
«Тхан эла, нагахь санна пайхамар цхьа доккха
хIума хьоьга ала воллуш хиллехь, ахьа ладугIур
дацара цуьнга? Цо хьоьга де аьлларг-м оццул хала
хIума а дац: „Хи чохь лийча, тIаккха цIанлур ву
хьо“, – алар бен». 14 ТIаккха НаIаман, хин тогIи чу
охьа а воьссина, ворхIазза Йордан-хи чу велира,
Делан стага шега ма-аллара. Цуьнан дегI, жимачу
беран санна, карла а даьлла, цIанделира.
15 НаIаман, шеца хилла болу нах а балош, ЭлишаI
волчу юхавеара. Цо, пайхамарна хьалха дIа а
хIоьттина, элира: «ХIинца хиъна суна хIокху дуьнен
чохь, Исраилан халкъан Дела воцург, кхин дела
воцийла. ДIаэцахьа хьайн лай волчуьнгара хIара
совгIат».
16 Пайхамара элира: «Шена айса гIуллакх дечу
дийна волчу Везачу Элах чIагIо йо аса иза
схьаоьцург ца хиларх».
НаIамана мел дехарш дарх а, ЭлишаI реза ца
хилира совгIат дIаэца. 17 ТIаккха НаIамана элира:
«Иза иштта делахь, ахьа хьайн лай волчу суна
шина вирбIарзане дахьалур долччул исраилхойн
латта лохьа, хIунда аьлча аса кхин цкъа а доккхур
дац дагоран сагIа а, сагIина хIума а яхьар яц
цхьанна а кхечу деланашна, Веза Эла воцчунна.
18 Ткъа хьан лай волчу аса Везачу Эле доьху, сан
цхьана гIуллакхна гечдехьа: нагахь сан олахо
волчу арамхойн паччахьо Римун-гIалахь *цIу-далла*
Iибадат деш, иза суна тIетовжахь, со цуьнца
цхьаьна суждане ваха везар ву. Эццахь со суждане
вахарна, суна гечдойла Везачу Эло».
19 Делан стага элира: «Маьрша гIойла хьо».
НаIаман дIаволавелира.
Иза ЭлишаIан цIенна жимма дехьаваьлча,
20 Делан стеган ЭлишаIан ялхочо ГIайхьазис ша-
шега элира: «Сан олахочунна ца лии оцу
арамхочуьнгара НаIаманера цо деана совгIат
схьаэца. Дийна волчу Везачу Элах чIагIо йо аса,
цунна тIаьхьа а ведда, аса сайна цхьа хIума
схьаоьцург хиларх». 21 ГIайхьази НаIаманна
тIаьхьаведира. Шена тIаьхьа ведда вогIург а гина,
НаIаман, гIудалкх тIера охьа а воьссина, вогIучунна
дуьхьалвахара. «ХIумма-м ца хилла?» – хаьттира цо
ГIайхьазига.
22 «ХIумма а ца хилла, – аьлла, жоп делира ялхочо.
– Сан олахочо хьоьга хIара ала ваийтина со:
„Эпрайм-лаьмнашкарчу пайхамарийн тобанера ши
пайхамар веана со волчу хIинцца. Доьху хьоьга,
царна ши пунт дети а, хуьйцуш тIеюха ши бедар а
яийтахьа“».
23 НаIамана элира: «Схьаэцахьа йиъ пунт дети».
Цо дехарш дора, схьаэца бохуш. ТIаккха дети а,
хуьйцуш юха ши бедар а, шина тIоьрмаг чу а
йиллина, иза дIабихкира НаIамана. Шен ялхойх
шиъ, ГIайхьазина хьалха а ваьккхина, и
тIоьрмагаш цаьрга дIабахьийтира цо. 24 Уьш гунна
тIебевлча, церан карара тIоьрмагаш схьаийцира
ГIайхьазис. И хIуманаш цIа чохь дIалачкъийра цо,
ткъа ши ялхо дIавахийтира. 25 ГIайхьази, чу а
веана, ЭлишаIана хьалха дIахIоьттира. ЭлишаIа
цуьнга хаьттира: «Хьо стенга ваханера, ГIайхьази?»
«Хьан лай волу со-м цхьанххьа а ца ваханера», –
аьлла, жоп делира ГIайхьазис.
26 «И бакъ дац, – элира пайхамаро ялхочуьнга. –
Сан дог хьоьца дара, и стаг, шен гIудалкха чуьра
охьа а воьссина, хьуна дуьхьалвогIуш. Ахча, бедар,
*зайт-диттийн* боьлакаш, кемсийн бошмаш,
уьстагIий, хьелий, леш я гIарбашаш цхьаьнггара а
схьаоьцу зама ма яц хIара! 27 ХIинца дуьйна
НаIаманан хилла йолу чкъуран цамгар хьуна а,
хьан тIаьхьенна а тIехь хир ю массо а ханна».

Оцу чкъуран цамгаро ло санна кIайвина,
аравелира ГIайхьази ЭлишаI волчуьра.

### Йордан-хи чуьра диг схьадаккхар

6 Пайхамарийн тобано ЭлишаIе элира: «Хьуна
юххехь тхо Iаш долу хIара меттиг тхуна готто
ю. 2 Оха, Йордан-хи йисте а дахана, хIораммо а
цигара цхьацца диттан хен схьа а эцна, тхайна Iан
меттиг югIур ю цигахь».
«Мегар ду, дIагIо шу», – элира ЭлишаIа.
3 Оцу тобанера цхьаммо дийхира: «Хьайна хала
дацахь, хьо а волахьа тхоьца», – аьлла.
«Дика ду, вогIур ву со», – элира ЭлишаIа. 4 Иза
цаьрца вахара. Йордан-хина тIекхаьчча, дитташ
хедо буьйлабелира уьш. 5 Царах цхьаммо дитт
охьадожочу хенахь, цуьнан диг хи чу дуьйжира,
дага карахь а юьсуш. Цо, мохь а хьаькхна, элира:
«Ва, сан эла! Иза-х аса духалург даькkхина ма
дара!»
6 Делан стага хаьттира: «Мичахь чудоьжна иза?»
Вукху пайхамаро гайтира и меттиг. ЭлишаIа,
дечигах чеш а даькkхина, иза хи чу а кхоьссина,
дагаран аьчка декъе нека дайтира. 7 «ДIаэца
хьайна», – элира ЭлишаI-пайхамаро. Вукхо шен
куьг дIа а кховдийна, диг схьаийцира.

### Арамхой бIаьрзе барца эшабар

8 Арамхойн паччахь тIамца исраилхошна
дуьхьалвелира. Цо, шен тIеман хьаькамех дага а
волуш, цаьрга дIахаийтира цхьана меттигехь шен
*меттамотт* дIахIотторг хилар. 9 Делан стага
исраилхойн паччахьна тIе геланча вахийтира. Цо
паччахье хаам бира: «Оцу меттигашкахула чекх ма
валалахь, хIунда аьлча цигахь арамхоша кIело
йина», – аьлла. 10 Исраилхойн паччахьо тIемалой
бахийтира Делан стага билгалъяьkkхинчу меттиге
хьовса. Цигарчу нахе цо дIахьедар а дина, шаьш
мостагIех ларбира цара. Иштта, цкъа-шозза хилла
а ца Iаш, дукхазза а хилира.
11 Арамхойн паччахь оцу гIуллакхна дог доьхна
вара. Цо, шен тIеман хьаькамаш а гулбина, цаьрга
хаьттира: «Схьадийцийша соьга, мила ву шух,
исраилхойн паччахьца а тайна, суна ямартло
йийриг».
12 «Тхох-м цхьа а вац, сан паччахь. Амма
исраилхойн ЭлишаI-пайхамар ву, цо шайн
паччахье ур-атталла ахьа хьайн охьавуьжучу цIа
чохь аьлларг а дIадуьйцу», – жоп делира паччахьан
тIеман хьаькамех цхьаммо.
13 ТIаккха арамхойн паччахьо элира: «Даха а гIой,
иза мичахь ву хьовса шу. Аса, эскархой а
бахийтина, иза лоцуьйтур ву».
Пайхамар Дотан-гIалахь ву аьлла, хаам бира
паччахье. 14 Цо дой а, гIудалкхаш а йолу доккха
эскар дахийтира цу гIала. Цара буьйсанна, схьа а
баьхкина, гIалина го бира. 15 Оцу Iуьйранна
ЭлишаIан ялхо хьалххе хьалагIаьттира. Иза
араваьлча, гIалина гобаьkkхина лаьтташ долу,
юкъахь дой а, гIудалкхаш а йолу эскар гира цунна.
Цо ЭлишаIе элира: «Ва, сан эла, вай хIун дан деза
те?»
16 ЭлишаIа элира: «Хьо кхера ма ло! Вайца берш,
цаьрца болчарал сов бу». 17 ТIаккха ЭлишаIа, доIа а
деш, элира: «Ва Веза Эла! Кхуьнан бIаьргаш
схьаделлахьа, са гайтархьама». Везачу Эло оцу
ялхочун бIаьргаш схьадиллира. ТIаккха цунна гира
ЭлишаIана гонах лам цIеран дойх а, гIудалкхех а
буьзна хилар.
18 Арамхой шена тIегIоьртича, ЭлишаIа Везачу
Эле доIа дира. Цо дийхира: «БIаьрзе бехьа уьш», –
аьлла. Везачу Эло, ЭлишаIа ма-деххара, бIаьрзе
бира уьш. 19 «ХIара аша бан беза некъ а ма бац,
хIара аша лоьху гIала а ма яц. Суна тIаьхьахIитта,
аша лоьхучу стагана тIедуьгур ду аса шу», – элира
ЭлишаIа цаьрга. Иштта уьш Шамран-гIалина
тIебигира ЭлишаIа.
20 Шаьш Шамран-гIала схьакхаьчча, ЭлишаIа
элира: «Веза Эла! Церан бIаьргаш схьаделлахьа,
царна са гайтархьама». Везачу Эло церан бIаьргаш
схьадиллира, тIаккха шаьш Шамран-гIалахь хилар
гира царна.
21 Шена уьш гича, исраилхойн паччахьо ЭлишаIе
хаьттира: «Сан да, уьш байа безий те аса?»
22 «ХIан-хIа, ма байа ахьа уьш, – жоп делира
ЭлишаIа. – Ахьа-айхьа туьраца а, Iодаца а йийсаре
бигнарш бойур ма бацара. Царна бепиг а, хи а ло.
Юург а яийна, хи а малийна, цIа дIахеца ахьа уьш
шайн паччахьна тIе». 23 Исраилхойн паччахьо
царна доккха той дIахIоттийра. Цара йиъна а,
мелла а чул тIаьхьа, цо уьш цIа дIахьажийра шайн
паччахьна тIе. Цул тIаьхьа кхин ца яьхкира
арамхойн эскарийн ардангаш исраилхойн лаьтта
тIе.

### Шамран-гIалина гуобар

24 И дерриг хиллачул тIаьхьа арамхойн паччахьо
Бен-Хьадида, шен дерриг а эскар схьагулдира.
ТIаккха, Шамран-гIалина тIе а вахана, цунна го
бира цо. 25 Цу хенахь йоккха мацалла хIоьттира оцу
гIалахь. Ур-атталла виран коьртах а дато дезткъа
ахча доьхура, ткъа кхокхийн боьхаллин † цхьана
кедах дато пхи ахча доьхура.
26 Цхьана дийнахь исраилхойн паччахь гIалин
шуьйра а, нийса а болчу пенна тIехула лелаш вара.
Ткъа цхьана зудчо, чIогIа елха а йоьлхуш, бохура:
«Сан паччахь, гIо дехьа суна».
27 Паччахьо жоп делира цунна: «Везачу Эло а
хьуна гIо ца дича, аса хIун гIо дийр ду хьуна? Сан
хьуна яла хIумма а яц. Я кIа а, я чагIар а дуй ткъа
соьгахь?» 28 ТIаккха паччахьо хаьттира оцу
зудчуьнга: «Хьуна хIун лаьа?»
Зудчо дийцира паччахье: «ХIокху зудчо соьга
элира: „Ахьа хьайн кIант схьало, иза тахана вуур ву

† *Кхокхийн боьхалла *– схьахетарехь, иза цхьана хасстоьман цIе яра.**

вай, ткъа сайниг кхана вуур ву“. 29 †Оха, сан кIант
кхехка а вина, виира. ШолгIачу дийнахь аса элира:
„Схьава хьайн кIант, хIинца иза вуур ву вай“. Амма
цо шен кIант дIалачкъийна!»
30 Шена и дешнаш дIахезча, паччахьо шен
тIехулара бедар этIийра. Иза шуьйра а, нийса а
болчу пенна тIехула чекхволуш, нахана цуьнан
дегIа тIера сингаттаман бедар гира. 31 «Везачу Эло,
Шен лааме хьаьжжина, луьра таIзар дойла суна,
нагахь Шаптин кIант волчу ЭлишаIан корта тахана
цуьнан белшаш тIехь бисахь!» – элира паччахьо.
32 Исраилхойн паччахьо геланча вахийтира
ЭлишаIана тIе.
ЭлишаI шен цIа чохь вара. И волчохь хевшина
Iаш къаной а бара. И геланча шена тIе а вале,
ЭлишаIа элира: «Суна хаийтинарг хаьий те шуна?
Оцу адамаш хIаллакдеш волчо, сан корта
тIерабаккха, цхьаъ схьахьажош ву! И геланча
схьакхаьчча, неI дIакъовлалаш! НеI тIе а таттий, чу
ма виталаш иза. Цунна тIаьххье схьавогIучу
цуьнан олахочун когийн тата а ду суна хезаш!»
33 ЭлишаI къаношка и бохуш воллучу хенахь,
геланча цунна тIе схьавеара. Цо паччахьан
дешнаш схьаэлира: «ХIара бала Везачу Элера
тIебеана бу! ХIунда Iан веза со, Веза Эла варе ла а
доьгIуш?»

7 ЭлишаIа элира: «Везачу Элан даше
ладогIийша! Иштта боху Везачу Эло: „Кхана
хIоккху хенахь тоьллачу деман цхьана саьхьан мах
цхьа *шекхал* бен хир бац, ткъа мекхан шина
саьхьан мах а хир бу цхьа шекхал. Иза Шамран-
гIалин кевнехь дукхур ду“».
2 ТIаккха паччахьо шен куьг тIетовжош волчу
тIеман хьаькамо Делан стаге элира: «Нагахь Везачу
Эло стигалахь кораш даьхча а, хила тарлой те иза?»
Вукхо жоп делира: «Хьан бIаьргашна иза гур ду,
амма цунах хIумма а ахьа юур яц!»

### Арамхойн эскар дIададар

3 Шайна тIехь дIа ца йоьрзу *чкъуран цамгар* йолу
виъ стаг вара гIалин кевнехь хиъна Iаш. Цара
вовшашка бохура: «Кхузахь ваьш даларе ла а
доьгIуш, хевшина Iийна хIун дийр ду вай?
4 Шамран-гIалахь мацалла ю, вай цига дахча а
лийр ду. Ткъа вай кхузахь хевшина Iийча а лийр ду.
Арамхой севцинчу метте гIой вай? Ваьш цара
дийна дитахь, Iийр ду вай, ткъа дайахь – лийр ду».
5 Суьйранна арамхойн меттаматтана тIебахара
уьш. Улло а бахана, уьш хьаьвсича, цигахь цхьа а
адам дацара. 6 ЙогIучу гIудалкхийн татанаш а, дойн
терсар а, догIучу доккхачу эскаран гIовгIа а ю
моттадалийтинера Везачу Эло арамхойн эскарна.
ТIаккха цара вовшашка аьллера: «Тешна, вайна
дуьхьал тIом байтархьама, исраилхойн паччахьо
хьетахойн а, мисархойн а паччахьаш лаьцна хир
бу». 7 МаьркIажхенахь шайн четарш а, дой а,
варраш а юьтуш, шайн *меттамотт* дIа а тесна, шайн
синош кIелхьар а дохуш, дIабевддера уьш.
8 Цамгар кхетта волу и виъ стаг, меттаматтана
йисте а кхаьчна, четарех цхьанна чувелира. Цара
яа а йиира, мала а мелира цу чохь. ТIаккха четар
чуьра дети а, деши а, тIеюха бедарш а, схьа а эцна,
дIа а бахана, и хIуманаш дIалачкъийра цара. Юха а
бирзина, цара шолгIачу четар чуьра а еза
хIуманаш, схьа а эцна, уьш а дIалачкъийра. 9 Цара
вовшашка элира: «Вай нийса лелаш дац! Хаза хаам
хилла де ду хIара, ткъа вай, и дIа а ца буьйцуш, Iаш
ду. Нагахь вай кхузахь сатассалц Iахь, вайна таIзар
дийр ду. Вай, дахана, паччахьан цIахь хIара
гIуллакх дIахаийта деза». 10 Цара, тIе а бахана,
гIалин кевнехь лаьттачу гIаролехь болчаьрга
схьакхайкхира. Цара, дерриг а дIа а дуьйцуш,
элира: «Тхо арамхойн меттаматтана тIедахара,
амма цигахь цхьа а адам дацара я адаман аз а
дацара хезаш. Ткъа лаьтташ яра йихкина говраш,
варраш. Даьсса четарш дара, шаьш ма-хиллара,
лаьтташ».
11 ГIаролехь болчара и кхаъ дIакхайкхийра, иза
паччахьан цIа чу а кхечира. 12 Паччахьо, буьйсанна
хьала а гIаьттина, шен тIеман хьаькамашка элира:
«Арамхой шуна хIун дан бохку дуьйцур ду ас шуьга.
Царна хаьа вайга мацалла хIоьттинийла, цундела
уьш, шаьш болчуьра дIа а бевлла, аренгахь
дIахьулбелла. Царна дагахь хир ду: „Исраилхой
гIалара арабевлча, уьш дийна боллушехь схьа а
лецна, вай гIали чу девр ду“».
13 Паччахьан тIеман хьаькамех цхьаммо элира:
«Вайн дийна бисина болу пхи дин, схьа а эций,
вайн нах бахийта цига. И говраш хIетте а лийр ю-
кх, гIалахь белла болу массо а нах санна. Уьш а
бахийтина, хьовсий вай, цигахь хIун ду?» 14 Говраш
а йоьжна, ши гIудалкх а, нах а бахийтира паччахьо
арамхойн эскарна тIаьхьа. «ГIой, хьовсийша, хIун
ду те эццахь дерг», – элира паччахьо. 15 Уьш
Йордан-хина тIекхаччалц дIабахара. Сихбелла,
бевдда боьлхучу арамхоша охьаэгийна бедарш а,
герз а дара некъан бохалла Iуьллуш. Паччахьо
бахийтинчара, юха а бирзина, иза цуьнга
дIадийцира. 16 Халкъо, ара а даьлла, арамхойн
четарш чуьра ерриг а хIума схьаийцира. Везачу
Эло ма-аллара, тоьллачу деман саьхьан мах цхьа
шекхал, ткъа мекхан шина саьхьан мах а изза
хилира.
17 Куьг тIетовжош хилла волу шен тIеман хьаькам
паччахьо гIалин кевнехь гIаролехь дIахIоттийнера.
Ткъа халкъо и тIеман хьаькам кевнехь хьаьшира.
Иза цигахь велира. Ша волчу паччахь веанчу
хенахь, Делан стага цуьнга хир ду ма-аллара,
дерриг а кхочушхилира. 18 Делан стага паччахье:
«Кхана хIоккху хенахь тоьллачу деман цхьана
саьхьан мах цхьа шекхал хир бу, ткъа мекхан шина
саьхьан мах а хир бу цхьа шекхал. Иза Шамран-
гIалин кевнехь дукхур ду», – аьллачу хенахь,
19 тIеман хьаькамо аьллера Делан стаге: «Нагахь

† *6:29 Карлабаьkkхинарг 28:57; Тийжамаш 4:10.*

Везачу Эло стигалахь кораш даьхча а, хила тарлой
те иза?» Ткъа Делан стага хIетахь аьллера: «Хьан
бIаьргашна иза гур ду, амма цунах хIумма а ахьа
юур яц!» [20] Оцу ялхочунна аьлларг хила а хилира:
халкъо кевнехь хьаша а хьаьшна, иза велира.

### Шунамхочунна цуьнан аренан дакъа юхадалар

8 Ша веллачуьра денвина хиллачу кIентан нене
ЭлишаI-пайхамаро аьллера: «Хьала а гIаттий,
хьо а, хьан цIеранаш а цхьанхьа шайн Iен таро
йолчу метте дIагIо, хIунда аьлча Везачу Эло сацам
бина, кху махкахь ворхI шарахь мацалла лаьттар ю
аьлла». [2] Оцу зудчо Делан стага шега аьлларг
динера. Цо а, цуьнан цIерачара а, дIа а бахана,
пIелаштамхойн махкахь ворхI шо даьккхинера.
[3] ВорхI шо чекхдаьлча, и зуда юхайирзира
пIелаштамхойн махкара. Цо, паччахь волчу а
яхана, шен цIа а, шен аре а шена схьаялар
дийхира. [4] Ткъа паччахь цу хенахь Делан стеган
ялхочуьнца ГIайхьазица къамел деш вара. Цо
бохура: «Дийцахьа соьга ЭлишаIа мел динчу
тамашийначу гIуллакхех лаьцна». [5] ЭлишаIа
веллачуьра кIант денварх лаьцна ГIайхьази
къамел деш воллучу хенахь, цу кIентан нана,
паччахье шен цIа а, аре а юха а шен дола
яккхийтахьара бохуш, доьхуш йоллура. Ткъа
ГIайхьазис элира: «Сан паччахь волу олахо, хIара
шиъ ду-кх ЭлишаIа денвина кIант а, цуьнан нана
а». [6] Паччахьо оцу зудчуьнга хеттарш дира, ткъа
зудчо дерриг а дIадийцира. ТIаккха паччахьо шен
кертахь гIуллакх деш болчех цхьаъ вахийтира
цуьнца. Паччахьо элира: «Оцу зудчунна цуьнан
долахь хилларг дерриг а юхадерзаде. Иза цIера
яьлла хиллачу хенахь дуьйна таханлерчу денна
тIекхаччалц, цуьнан кха тIера баьллачу пайданах
цунна доггIург дIа а ло».

### ЭлишаI-пайхамаррий, Хьазиаллий

[7] Арамхойн паччахь Бен-Хьадид цомгуш волчу
хенахь, ЭлишаI Дамасакхе веанера. Делан стаг цу
гIала веана аьлла хаам паччахьна тIе кхаьчча,
[8] паччахьо Хьазиале элира: «СовгIат схьа а эций,
Делан стагана дуьхьал гIо. Цуьнга Везачу Эле
хаттар дайта: „Кху цамгарх толур вуй со?“ – аьлла».
[9] Шовзткъа эмкална Дамасакх-гIалара уггар тоьлла
долу совгIаташ тIе а дехкина, Хьазиал ЭлишаIана
тIевеара. Цунна хьалха дIа а хIоьттина, Хьазиала
элира: «Арамхойн паччахь волчу хьан кIанта Бен-
Хьадида, хьуна тIеваийтина со: „Кху цамгарх толур
вуй те со?“ – аьлла, хаттар дан».
[10] ЭлишаIа цуьнга жоп делира: «ДIа а гIой: „Хьо
толур ву“, – ала цуьнга. Амма Везачу Эло, Бен-
Хьадид лийр ву аьлла, дIадиллина суна», – элира
ЭлишаIа. [11] ЭлишаI Хьазиале леррина дIахьоьжура,
иза воххалц. ТIаккха Делан стаг вилхира.
[12] Хьазиала хьаттира: «Хьо хIунда воьлху, сан эла?»
«Дера воьлху, ахьа Исраилан халкъана хIун зулам
дахьар ду сайна хиъна дела. Ахьа церан гIепаш
ягор ю, кIентий тур детташ бойур бу, декхаш долу
бераш а хьоьшур ду, берах болу зударий а цоьстур
бу», – жоп делира ЭлишаIа.
[13] †Хьазиала элира: «Хьан лай волу со, жIаьла,
мила вара оццул доккха долу гIуллакх
кхочушдаллал?»
ТIаккха ЭлишаIа элира: «Везачу Эло дIадиллина
суна арамхойн паччахь хила хьо билгалваьккхина
хилар».
[14] ЭлишаI волчуьра дIа а вахана, шен паччахь
волчу веара Хьазиал. Паччахьо хьаттира: «ХIун
элира хьоьга ЭлишаIа?»
«Цо соьга элира, хьо толур ву», – аьлла, жоп
делира Хьазиала. [15] ШолгIачу дийнахь Хьазиала,
стомма юргIа схьа а эцна, иза, хи чохь даша а дина,
паччахьан юьхь тIе тесира, ткъа важа велира.
Цуьнан метта Хьазиал, паччахь а хилла,
дIахIоьттира.

### ЯхIудхойн паччахь ЯхIурам
(2 Шерашкахь 21:1-20)

[16] Ахьабан кIанта Йорама Исраилан халкъана
тIехь паччахьалла до пхоьалгIа шо долуш, ЯхIудан
халкъана тIехь ЯхIушапти паччахь волуш,
яхIудхойн кхин паччахь дIахIоьттира ЯхIушаптин
кIант ЯхIурам. [17] ЯхIураман ткъе шийтта шо дара,
иза яхIудхойн паччахь дIахIоьттича. Цо бархI
шарахь Ярушалаймехь паччахьалла дира. [18] Иза а
вара исраилхойн паччахьаша лелийна боллу некъ
лелош, Ахьабан цIийнах берш ма-леллара, хIунда
аьлча Ахьабан йоI цуьнан зуда яра. ЯхIурама а
Везачу Элана зуламе хеташ долу гIуллакхаш
леладора. [19] ††Делахь а Везачу Элана, Шен ялхо
волчу Даудан дуьхьа, ЯхIудан халкъ хIаллакдан ца
лаьара. Цуьнан тIаьхьенна гуттаренна а
паччахьалла дар лур ду аьлла, Даудана чIагIо ма
йинера Везачу Эло.
[20] ‡ЯхIурама паччахьалла дечу хенахь Эдоман
халкъ, ЯхIудан халкъан карара кIелхьара а долуш,
цунна дуьхьалделира. Цара шайн паччахь
дIахIоттийра. [21] ЯхIурам шен ерриге а гIудалкхашца
ЦаIир-гIала вахара. Иза, буьйсанна тIе а гIоьртина,
шайна го бина болчу эдомхошна а, гIудалкхашна
тIера церан хьаькамашна а тIелетира. Ткъа
яхIудхойн эскархой шайн цIеношка дIасабевдира.
[22] Эдоман халкъ таханлерчу денна тIекхаччалц
яхIудхойн карара дIадалларх иштта Iаш ду. Оццу
заманахь Либна-гIала а яхIудхошна
дуьхьалъяьллера.
[23] ЯхIурамах лаьцна – цо мел динчу гIуллакхех
лаьцна – яздина ду *ЯхIудхойн паччахьийн тептар*
тIехь. [24] ТIаккха ЯхIурам, дIа а кхелхина, шен дайх
дIакхийтира. Иза царна уллохь Даудан гIалахь

† *8:13 Сулим 19:15.* †† *8:19 Сулим 11:36.* ‡ *8:20 Доладалар 27:40.*

дӀавоьллира. ЯхӀураман метта паччахь
дӀахӀоьттира цуьнан кӀант Ахьаз-ЯхӀу.

### ЯхӀудхойн паччахь Ахьаз-ЯхӀу

(2 Шерашкахь 22:1-6)

25 Исраилхойн паччахь волчу Ахьабан кӀанта
Йорама паччахьалла до шуьйтталгӀа шо долуш
хилира яхӀудхойн паччахьан ЯхӀураман кӀантах
Ахьаз-ЯхӀух паччахь. 26 Ахьаз-ЯхӀу паччахь
хӀоьттинчу хенахь, цуьнан ткъе ши шо дара. Цо
цхьана шарахь Ярушалаймехь паччахьалла дира.
Цуьнан ненан цӀе Ӏатал-ЯхӀу яра. Иза исраилхойн
паччахь волчу Ӏумарин кӀентан йоӀ яра. 27 Ахьаз-
ЯхӀу а вара Ахьабан цӀийнах болчийн некъахула
лелаш. Ахьабан цӀийнах болчара санна, цо а
Везачу Элана зуламе хеташ долу гӀуллакхаш
леладора, хӀунда аьлча шен ненехула иза Ахьабан
цӀийнаца гергарло долуш вара.
28 Ахьабан кӀантаца Йорамца арамхойн
паччахьна Хьазиална дуьхьал тӀом бан вахара
Ахьаз-ЯхӀу. Иза ГалӀадера Рамат-гӀалахь дара.
Арамхоша Йорамна чов йира. 29 Йорам-паччахь
тӀамера юхавирзира, Рамат-гӀалахь арамхойн
паччахьца Хьазиалца тӀом бечу хенахь шена
арамхоша йинчу чевнашна ИзраӀал-гӀалахь
дарбанаш леладайтархьама. Ткъа яхӀудхойн
паччахь волу ЯхӀураман кӀант Ахьаз-ЯхӀу а веанера
ИзраӀал-гӀала, цомгуш волу Ахьабан кӀант Йорам
муьлхачу хьолехь ву хьажархьама.

### ЯхӀу исраилхойн паччахь хиларна даьттанца къобалвар

9 ЭлишаӀ-пайхамаро, къоначу пайхамарех
цхьаъ шена тӀе а кхайкхина, цуьнга элира:
«Хьайн гӀодаюкъ а ехкий, хӀара зайтдаьтта чохь
долу кхаба схьа а эций, ГалӀад-махкарчу Рамат-
гӀала дӀагӀо. 2 Хьо цига дӀакхаьчча, Нимшайн
кӀентан ЯхӀушаптин кӀант ЯхӀу схьа а къаставой,
цунна тӀе а гӀой, цуьнга шен накъосташна юкъара
схьавола а алий, иза ша чухуларчу цӀа чу ваккха.
3 ТӀаккха, хьайгара зайтдаьтта чохь долу кхаба схьа
а эций, и даьтта цуьнан коьрта тӀе а доттий, цуьнга
ала: „Иштта боху Везачу Эло: ‘Хьо Исраилан
халкъана тӀехь паччахь хила къобалво Аса’. Цул
тӀаьхьа, неӀ дӀа а еллий, дӀавада, сеца а ца
соьцуш“».
4 Къона пайхамар ГалӀад-махкарчу Рамат-гӀала
вахара. 5 Иза цига дӀакхаьчча, охьахевшина болу
тӀеман хьаькамаш гира цунна. Къонахчо элира:
«ТӀеман хьаькам, хьоьга ала цхьа дош ду сан».
ЯхӀус хаьттира: «Тхох муьлхачуьнга ду хьан дош?»
«Хьоьга ду, тӀеман хьаькам», – аьлла, жоп делира
къонахчо. 6 †Иза, хьала а гӀаьттина, цӀа чу велира.
Къонахчо, цуьнан коьрта тӀе зайтдаьтта а доьттина,
элира цуьнга: «Иштта боху Исраилан халкъан
Везачу Дала: „Хьо паччахь хила къобалво Аса
Везачу Элан халкъ долчу Исраилан халкъана тӀехь.
7 Ахьа хьайн олахочун Ахьабан цӀа хӀаллакдан деза.
Иза ахьа дийр ду Изабалан карах беллачу Сан
пайхамарийн а, Везачу Элан хиллачу массо а
ялхойн а Ӏаьнначу цӀийна тӀера Соьга бекхам
байтархьама. 8 Ахьабан дерриг цӀа а хӀаллакьхир
ду. Аса хӀаллаквийр ву Ахьабан цӀийнах схьаваьлла
массо а боьрша стаг – чувоьллина я маьрша иза
велахь а. 9 НабатӀан кӀентан ЯрбаӀаман цӀенна а,
АхьъяхӀун кӀентан БаӀшин цӀенна а диннарг дина
дӀахӀоттор ду Аса Ахьабан цӀенна а. 10 ††Ткъа
Изабалах лаьцна аьлча, ИзраӀална уллохь долчу
цхьана кха тӀехь жӀаьлеша юур ю иза, цхьаммо а
иза дӀаюллур а яц“». ТӀаккха, неӀ дӀа а йиллина,
къонах дӀаведира.
11 ЯхӀу паччахьан вукху тӀеман хьаькамашна
тӀевахара. Хьаькамаша хаьттира цуьнга: «ХӀумма-м
ца хилла? И лартӀехь воцург стенна веанера хьуна
тӀе?»
«Шуна и стаг а вевза, цо хӀун боху а хаьа», – жоп
делира ЯхӀус.
12 Цара элира: «И бакъ дац. Дийцал ахьа тхоьга».
ЯхӀус шега аьлларг дӀадийцира. ТӀаккха цо
тӀетуьйхира: «Къонахчо бохура: „Иштта боху
Везачу Эло: ‘Аса Исраилан халкъана тӀехь паччахь
хила къобалво хьо’“».
13 Цара сихха, хӀораммо а шен-шен бедар схьа а
эцна, цуьнан когашка тӀегӀанаш тӀе охьатесира.
ТӀаккха, коьман маӀа а локхуш, маьхьарий а
детташ, элира: «ЯхӀу – паччахь ву».

### Исраилхойн паччахь Йорам вер

14 Нимшайн кӀант волчу ЯхӀушаптин кӀанта ЯхӀус
Йорам-паччахьна дуьхьал барт бира. (Массо а
исраилхошца Йорам-паччахьо ГалӀад-махкара
Рамат-гӀала ларйинера арамхойн паччахь волчу
Хьазиалах. 15 Ткъа Йорам-паччахь ша-м ИзраӀал-
гӀала юхавирзинера, арамхоша шена йинчу
чевнашна дарбанаш леладайта. И чевнаш
Йорамна хиллера, цо арамхойн паччахьца
Хьазиалца тӀом бечу хенахь.) ЯхӀус элира: «Нагахь
шу реза делахь, ИзраӀал-гӀала хаам эцна ца
вахийтархьама, цхьа а гӀалара ара ма валийта».
16 ЯхӀу, гӀудалкх тӀе а хӀоьттина, ИзраӀал-гӀала
вахара, хӀунда аьлча Йорам цигахь хӀинца а
цомгуш волуш Ӏуьллуш вара. ЯхӀудхойн паччахь
Ахьаз-ЯхӀу а вара цига веана, Йорам мухачу
хьолехь ву хьажа.
17 ИзраӀал-гӀалин бӀов тӀехь лаьтташ гӀарол вара.
Цунна ЯхӀуца йогӀу эскаран арданг гира. Цо хаам
бира: «ЙогӀу цхьа арданг го суна», – аьлла.
Йорама элира: «Цхьа бере а къаставой, иза царна
дуьхьалвахийта, хаттар а дойтуш: „Машарца догӀий
шу?“»
18 ТӀаккха цхьа бере, дин тӀе а хиъна, ЯхӀуна
дуьхьалвахара. Цо элира: «Паччахьо хоьтту:
„Машарца вогӀий те хьо“?»

† 9:6 Сулим 19:16.

†† 9:10 Сулим 21:23.

ЯхIус жоп делира: «Хьуна хIун ду иза? Суна
тIаьхьахIотта хьо».
ГIароло хаам бира: «Бере царна тIекхечи, амма
юхавоьрзуш вац», – аьлла. [19] ТIаккха кхин а цхьа
бере вахийтира. Беречо, царна тIе а вахана, элира:
«Паччахьо хоьтту: „Шу машарца догIий те?“»
ЯхIус жоп делира: «Хьуна хIун ду иза? Суна
тIаьхьахIотта хьо».
[20] ГIароло хаам бира: «Иза а царна тIекхечи, амма
юхавоьрзуш вац. Ткъа тхуна дуьхьал лаьтташ
волчун болар Нимшайн кIентан ЯхIун болархтера
ду, хIунда аьлча цо хьераваьллачо санна лелайо
гIудалкх».
[21] Йорама элира: «ГIудалкх дIайожа!» Цуьнан
гIудалкх дIаюьйжира. ТIаккха исраилхойн паччахь
Йорам а, ЯхIудхойн паччахь Ахьаз-ЯхIу а шайн
гIудалкхаш тIехь ЯхIуна дуьхьалваха аравелира. И
шиъ ЯхIуна дуьхьалвахара, израIалхочун Набутин
аренгахь вовшах а кхеташ. [22] Йорама, шена ЯхIу
гича, хьаьттира: «ЯхIу, машарца вогIий те хьо?»
«Машар муха хуьлу, хьан нанас Изабала долийна
долу цIушна Iибадат дар а, бозбунчаллаш лелор а
хIинца а долуш хилча?» – аьлла, жоп делира ЯхIус.
[23] Куьйгашца гIудалкх юха а ерзош, говраш дIа а
лелхош, Йорама элира: «Ахьаз-ЯхIу! Вайна ямартло
йина!» [24] Ткъа ЯхIус, шен куьйга Iад а дуьйлина,
Йораман белшашна юккъе пха туьйхира. И пха
Йораман дагах кхийтира. Иза шен гIудалкх чу
охьавуьйжира. [25] Шен гIудалкх лелош волчу
Бадекъаре ЯхIус элира: «Схьа а эций, израIалхочун
Набутин лаьттан декъа тIе охьакхосса иза.
Дагабаийтал хьайна, гIудалкхана тIехь вайшиъ
цуьнан дена Ахьабана тIаьхьахIоьттина вогIучу
хенахь, Везачу Эло цунах лаьцна бина хаам:
[26] †„Билггал Набутин а, цуьнан кIентийн а цIий
гинера Суна селхана, – боху Везачу Эло. – Аса
бекхам бийр бу хьуна кху аренна тIехь“. Цундела,
схьа а эций, Везачу Эло ма-аллара, аренна тIехь
охьакхосса иза».

### ЯхIудхойн паччахь Ахьаз-ЯхIу вер

[27] Хилларг а гина, яхIудхойн паччахь Ахьаз-ЯхIу
Байт-ХIаган-гIалина тIебоьдучу новкъа тIехула
дIаиккхира. ЯхIус, гIудалкх цунна тIаьхьа а хохкуш,
элира: «Иза а, вей, дIаваккха шен гIудалкхана
тIехь». ИбалIам-юьртана юххехь йолчу Гур олучу
метте Ахьаз-ЯхIус шен гIудалкх лаьллича, цунна
чов йира цара ††. Ахьаз-ЯхIу, МагIидда-гIала дIа а
кхаьчна, цигахь велира. [28] Цуьнан тIеман
хьаькамаша, иза Ярушалайме а ваьхьна, шен
къубба чохь, цуьнан дай дIабоьхкинчу Даудан
гIалахь дIавоьллира.
[29] Ахьаз-ЯхIу яхIудхойн паччахь дIахIоьттинера,
Ахьабан кIанта Йорама паччахьалла до
цхьайтталгIа шо долуш.

### Зуда-паччахь йолу Изабал ер

[30] ЯхIу ИзраIал-гIала кхечира. Ткъа Изабал, шена
и хаам беанчу хенахь, бIаьргашна тIе басарш а
хьекхна, шен месаш то а йина, корехула
арахьоьжуш лаьтташ яра. [31] ЯхIу кевнах
чоьхьаваьлча, Изабала элира: «Хьо машарца
вогIий те, хьайн паччахь вийна волу Зимари? ‡»
[32] Шен юьхь корехьа а ерзийна, ЯхIус хаьттира:
«Мила ву кхузахь, соьгахьа верг?» – аьлла. Корах
арахьаьжира паччахьан цIийнара ши-кхо ялхо.
[33] ЯхIус элира: «Корах аратаса иза». Изабал
аратесира. Пенна тIе а, говраш тIе а деттаделира
цуьнан цIийн тIадамаш. Изабалан дегIа тIехула
шен гIудалкх яьккхира ЯхIус. [34] Чу а веана, ша хIума
йиъна а, мелла а ваьлча, цо элира: «Шена тIехь
неIалт долу иза, схьа а лахий, дIайолла, хIунда
аьлча иза паччахьан йоI ю». [35] Нах иза дIайолла
бахара, амма цунах йисина коьртан туьта, когийн
а, куьйгийн а даьIахкаш йоцург, хIумма а ца
карийра царна. [36] ‡†Юха а баьхкина, цара хаам
бира. ЯхIус элира: «Иштта дара Везачу Элан дош,
Шен ялхочун тишабхо волчу Эли-ЯхIугахула Цо
аьлла долу: „ИзраIалхойн аренгахь Изабалан дилха
жIаьлеша дуур ду. [37] Изабалан дакъа, кхо санна,
израIалхойн декъа тIехь Iуьллур ду. ТIаккха
цхьаммо а эр дац: ‘Изабал ю иза’“».

### Ахьаб-паччахьан тIаьхье ер

10 Ахьабан Шамран-гIалахь кхузткъе итт кIант
вара. ЯхIус, кехаташ а яздина, Шамран-
гIалахь болчу израIалхойн хьаькамашка а,
къаношка а, Ахьабан берийн Iуналла а деш, царна
тIехьожуш болчаьрга а дIасадахьийтира уьш.
Церан чулацам иштта бара: [2] «Шу долчохь шун
олахочун кIентий бу, шуьгахь гIудалкхаш а, дой а,
чIагIо йина гIала а, герз а ду. Цундела хIара кехат
шайга дIакхаьчча, [3] аша шайн олахочун берех
тоьлла а, доьналла долуш волу а кIант
схьакъаставе. Иза шен ден паччахьан гIанта тIе а
хаавай, шайн олахочун цIийнан агIор дIа а хIоттий,
тIом бе».
[4] Цара, чIогIа кхера а белла, элира: «Шина
паччахье а ян ца елла цунна дуьхьало, ткъа оха
хIун дийр дара?» [5] Паччахьан цIийнан хьаькамо а,
гIалин хьаькамо а, къаноша а, берийн Iуналла а
деш, царна тIехьожуш болчара а ЯхIуна тIе нах
бахийтира. Цара бохура: «Тхо хьан ялхой ду-кх.
Ахьа тхайга де аьлларг, дийр ду оха. Цхьа а
паччахь хIоттор вац оха. Хьайна хеттарг де ахьа».
[6] ТIаккха ЯхIус шозлагIа а иштта яздина кехат
дахьийтина цаьрга: «Нагахь санна шу сан а делахь,
аса бохург аша деш а делахь, шайн олахочун
кIентийн кортош тIера а дахий, кхана хIоккху
хенахь со волчу ИзраIал-гIала схьадуьйла».

† 9:26 Сулим 21:19. †† ...цунна чов йира цара *– иштта ширачу гочдар тIехь ду. Iебархойн тептар тIехь и дешнаш дац.*

‡ Зимари *– иза исраилхойн тIеман хьаькам вара, исраилхойн паччахь вийна волу. ДIадеша Сулим 16:8-12.* ‡† 9:36 Сулим 21:23.

Ткъа Ахьаб-паччахьан кхузткъе итт кIант вара.
Церан дола а деш, царна тIехьожуш гIалара тоьлла
хьолахой бара. 7 Шайга и кехат дIакхаьчча, цара,
паччахьан кIентий байа а байина, церан кортош
тускарш чу а дехкина, уьш ИзраIал-гIала ЯхIуна тIе
дIадахьийтира.
8 Геланчо ЯхIуга хаам бира: «Паччахьан кIентийн
кортош схьадеана», – аьлла.
ЯхIус элира: «Царах ши хола а яй, Iуьйре
тIеяллалц кевнехь шина а агIор охьадахкий, дита
уьш». 9 Iуьйранна ЯхIус, ара а ваьлла, дIа а
хIоьттина, дерриг а халкъе элира: «Шу бехке дац.
Гой шуна, аса, сайн олахочунна дуьхьал
ямартлонца барт а бина, иза вийна. Ткъа уьш
берриг а хьан байина? 10 ХIинца дIахаалаш, Везачу
Эло Ахьабан цIийнах лаьцна аьлла дош цхьа а
эрна довр дац. Шен ялхо волчу Эли-ЯхIугахула Ша
аьлларг Везачу Эло кхочушдина». 11 †Иштта
ИзраIал-гIалахь Ахьабан цIийнах дийна бисинарш
а, цуьнан хьалхара болу хьоладай а, доттагIий а,
динан дай а хIаллакбира ЯхIус. Цуьнан тIаьхьенах
цхьа а дийна ца висира.

### Ахьаз-ЯхIу-паччахьан гергара нах байар

12 ЯхIу, хьала а гIаьттина, Шамран-гIала
дIавахара. Новкъахь, жаIуй вовшахкхетачу Байт-
Iекхад олучу меттигехь, 13 яхIудхойн паччахьан
Ахьаз-ЯхIун гергарнаш дуьхьалкхийтира цунна.
ЯхIус хьаттира цаьрга: «Шу муьлш ду?»
«Тхо Ахьаз-ЯхIун гергарнаш ду. Паччахьан
кIенташка а, паччахьан ненан Изабалан кIенташка
а маршалла хатта арадевлла тхо», – жоп делира
цара. 14 ЯхIус элира: «Цара, дийна боллуш уьш дIа а
лаьцна, Байт-Iекхадан гIунна уллохь байира. Уьш
шовзткъе ши стаг вара, ткъа царах цхьа а дийна ца
висира».

### Ахьаб-паччахьан кхиболу гергара нах байар

15 Цигара дIавахча, шена дуьхьал вогIу Рахбин
кIант ЯхIу-Надаб гира ЯхIуна. Маршалла а
хьаттина, ЯхIус элира цуьнга: «Хьан дог а дуй те
соьгахьа дирзина, сан дог хьоьгахьа дирзина ма-
хиллара?»
ЯхIу-Надаба элира: «Ду».
«Иза иштта делахь, хьайн куьг схьакховдаде».
Вукхо шен куьг дIакховдийра. ЯхIус иза шен
гIудалкх тIе хьалаваьккхира. 16 Цо элира: «Соьца дIа
а волий, со Везачу Элана тIевирзина хиларе
хьажахьа». ЯхIу-Надаб гIудалкхана чу охьахиира.
17 Уьш Шамран-гIала дIакхаьчча, ЯхIус цигахь
Ахьабан дийна мел виснарг хIаллаквира. Цо уьш,
тIаьхье а ца юьтуш, хIаллакбина дIабехира. Везачу
Эло Эли-ЯхIугахула аьлла ма-хиллара,
кхочушхилира дерриге а.

### БаIална Iибадат деш берш хIаллакбар

18 ЯхIус дерриг а халкъ схьагулдира. Цо халкъе
элира: «Ахьаба кхоччуш Iамал ца йора БаIална,
ткъа ЯхIус цунна гIуллакх дар совдоккхур ду.
19 БаIалан массо а пайхамарш, массо а цунна Iамал
еш берш, массо а цуьнан динан дай а, цхьа а
схьаваза стаг а ца вуьтуш, схьагулбе суна тIе,
хIунда аьлча аса доккха сагIа доккхур ду БаIална
лерина. Ткъа схьа ца вогIуш висинарг цхьа а дийна
вуьтур вац». (ЯхIус хIилланца деш дара иза, БаIална
Iамал еш болу берриш а хIаллакбархьама.) 20 ЯхIус
элира: «БаIална лерина беза гулам хIоттабе».
Иштта дIакхайкхийра гулам хIотто безар. 21 Берриг
а Исраил-махкахула дIасабаржийра ЯхIус и хаам.
БаIална Iамалъеш болу массо а нах схьагулбелира.
Ца вогIуш цхьа а ца висира. Уьш БаIалан цIа чу
бевлира. И цIа цхьана йистера вукху йисте
кхаччалц дуьзира. 22 ТIеюху бедарш ларъеш
волчуьнга ЯхIус элира: «БаIална Iамал еш болчу
массарна а тIеюха бедарш схьая». Цу стага царна
тIеюха бедарш схьаеара. 23 Шеца Рахбин кIант ЯхIу-
Надаб а вуьгуш, БаIалан цIенна чувелира ЯхIу.
«Талла а таллий, дика хьажа, цхьа а Везачу Элана
гIуллакх дечарах вуй те хIокху чохь, хIунда аьлча
кху чохь БаIална Iамал еш берш бен хила ца беза».
24 Иштта дийнаташ дагоран сагIанаш а, кхидолу
сагIанаш а даха БаIал-цIун цIенна чубевлира уьш.
Ткъа ЯхIус цIенна арахьа везткъа стаг
дIахIоттийнера, цо цаьрга аьлла: «Аса шун кара
беллачех цхьаъ кIелхьарвалахь, шен куьйга иза
кIелхьарвалийтинчун са оцу кIелхьарваьллачун
синан метта хир ду».
25 Дийнаташ дагоран сагIанаш даьхна
чекхдевлча, ЯхIус гIаролхошка а, хьаькамашка а
элира: «Даха а гIой, царах цхьа а ца вуьтуш, байа
уьш». Уьш туьран ираллица байа а байина, шаьш
болчохь а битина, гIаролхой а, хьаькамаш а
БаIалан цIийнан чухуларчу чIагIйинчу чоьнна
чубахара. 26 Цу чуьра цIу-делан дечиган бIогIам ара
а баьккхина, иза багийра цара. 27 Иштта кегбира
БаIална хIоттийна тIулг а, дохийра БаIалан цIа а. И
меттиг хIинца а цIанонна воьду меттиг ю.
28 Иштта ЯхIус исраилхошна юкъара БаIална
Iибадат дар дIадаьккхира. 29 ††Амма НабатIан кIанта
ЯрбаIама Исраилан халкъе летадайтинчу къинойх
дIа ца вирзира ЯхIу – Бетал-гIалахь а, Дан-гIалахь а
деших дина долчу эсашна наха Iибадат дарна
тIера. 30 Везачу Эло ЯхIуга элира: «Ахьа Суна хьалха
бакъахьадерг доггах кхочушдина, Ахьабан цIенна
Сан дан безам болу гIуллакх чекх а даьккхина,
цундела хьан тIаьхьенах доьалгIачу гаранна
тIекхаччалц берш хир бу исраилхойн паччахьаш».
31 Амма ЯхIу Исраилан халкъан Везачу Делан
товрат-хьехамаш доггах ларбаран некъа тIехь ца
лелара. ЯрбаIама Исраилан халкъе летадайтинчу
къиношна тIера дIа ца вирзира иза.

† *10:11 ХIушаI 1:4.*

†† *10:29 Сулим 12:28-30.*

### ЯхIу-паччахьан валар

32 Цу деношкахь Везачу Эло исраилхойн лаьттан
дакъош схьадаха долийра. Хьазиал, исраилхошна
тIехь толам а баьккхина, йоккха кIошт яьккхира
цаьргара шен дола. 33 И кIошт яра Йорданан
малхбалехьа йолчу меттехь, IаруIер-гIалара дуьйна
Арнон-хина тIекхаччалц. Цу чу догIура ГалIад а,
Башан а мехкаш. Цигахь Гадан, Раабанан а,
Маннашан а тайпанаш дехаш дара.
34 ЯхIус динчу хIуманех лаьцна – цо мел динчух а,
цуьнан майрачу гIуллакхех а лаьцна – яздина ду
*Исраилхойн паччахьийн тептар* тIехь. 35 ТIаккха
ЯхIу, дIа а кхелхина, шен дайх дIакхийтира. Иза
Шамран-гIалахь дIавоьллира. ЯхIун метта паччахь
дIахIоьттира цуьнан кIант ЯхIу-Ахьаз. 36 Ткъа ЯхIус,
Шамран-гIалахь а Iаш, исраилхошна тIехь
паччахьалла дина хан ткъе бархI шо яра.

### ЯхIудхойн зуда-паччахь йолу Iатал-ЯхIу
(2 Шерашкахь 22:10–23:15)

11 Шен кIант велла аьлла шена хезча, Ахьаз-
ЯхIун нанас Iатал-ЯхIус сацам бира
паччахьан тIаьхьенах верг массо а хIаллакван.
2 Амма Ахьаз-ЯхIун йиша йолчу, ЯхIурам-паччахьан
йоIа ЯхIу-ШебаIа Ахьаз-ЯхIун кIант Юаш,
паччахьан байа безачу кIенташна юкъара схьа а
эцна, дIавигира. И кIант а, иза вакхош йолу зуда а
дIавуьжучу цIа чу дигира цо. Иштта, Iатал-ЯхIух
къайла а ваьккхина, дийна висира Юаш. 3 Iатал-
ЯхIус цу махкахь паччахьалла деш йолчу
заманчохь, ялх шарахь, оцу кIентан дола дечу оцу
зудчо Везачу Элан цIа чохь къайлаваьккхира иза.
4 Цуьнан ворхIалгIа шо долуш, динан дас ЯхIу-
ЯдаIа, паччахьан гIаролхошна а, паччахьан
цIийнан гIаролхошна а юкъара хьаькамаш
схьакхайкха нах а бахийтина, уьш Везачу Элан
цIийне ша волчу схьабалийра. ЯхIу-ЯдаIа цаьрца
барт бира. ТIаккха динан дас, Везачу Элан цIа чохь
цаьрга чIагIо а яйтина, паччахьан кIант Юаш
гайтира царна. 5 ЯхIу-ЯдаIа, омра а деш, элира
цаьрга: «Аша хIара кхочушде: шоьтан дийнахь шух
схьадогIуш долчу кхоалгIачу декъо паччахьан
цIенна ха де. 6 Царах вукху кхоалгIачу декъо – Сур
олучу кевнехь, ткъа тIаьххьара кхоалгIачу декъо
паччахьан гIаролхошна тIехьа долчу кевнехь ха де.
Иштта, паччахьан цIенна тIехь аша рогI-роггIана
ха де. 7 Ткъа шоьтан дийнахь мукъадовлучу шух
массарах а долчу шина декъо Везачу Элан цIахь
волчу паччахьна ха де. 8 Иштта аша, шайн
хIораннан а карахь герз а долуш, массо а агIор
паччахьна ха де. Нагахь цхьаъ, шуна тIе а веана,
юкъагIортахь я тIевагIахь, иза вей дIаваккха.
Паччахь миччахьа вахача а, цуьнан Iуналла де».
9 Динан дас ЯхIу-ЯдаIа де аьлларг дерриг а
кхочушдира хьаькамаша. Цара хIораммо а шоьтан
дийнахь схьабогIу а, мукъабовлу а тIемалой шайца
ЯхIу-ЯдаIана тIебалийра. 10 Везачу Элан цIа чохь
лаьтташ долу Дауд-паччахьан хилла гоьмукъаш а,
турсаш а динан дас гIаролхойн хьаькамашна
дIасадийкъира. 11 Иштта, шайн карахь герз а
долуш, паччахьан гIаролхой дIахIиттира цигахь.
Уьш дIахIиттира паччахьна гонах – Везачу Элан
цIенна аьтту агIонна тIера аьрру агIонна
тIекхаччалц, сагIа доккхучу кхерчана уллохь а,
Везачу Элан цIенна уллохь а. 12 ЯхIу-ЯдаIа,
паччахьан кIант ара а ваьккхина, цунна тIе *таж* а
диллира, паччахьалла дарх лаьцна болу хьехамаш
шена тIехь язбина тептар а дIаделира. ТIаккха иза
паччахь дIахIотто даьтта тIе доттарца къобалвира.
Наха, тIараш а детташ, маьхьарий хьоькхура:
«Вехийла паччахь!» – бохуш.
13 Шена гIаролхойн а, халкъан а аьзнаш хезча,
Iатал-ЯхIу Везачу Элан цIенна юххехь лаьттачу
халкъана тIеяхара. 14 ТIаккха, лакхенна тIехь, ша
латта ма-везза, лаьтташ волу паччахь гира Iатал-
ЯхIуна. Паччахьна уллохь лаьтташ хьаькамаш а,
турба локхуш берш а бара. Цу махкахь долу дерриг
а халкъ, самукъане а дара, цара лоькхуш турбанаш
а яра. Iатал-ЯхIус, шен тIехула юьйхина йолу бедар
ятIа а йина, мохь хьаькхира: «Ямартло йина!
Ямартло йина!» – аьлла.
15 Динан дас ЯхIу-ЯдаIа, эскаран хьаькамаш болчу
гIаролхошка омра а деш, элира: «Иза могIаршна
юкъара дIаяккха, ткъа цунна тIаьхьахIуьттурш
туьраца байа». ХIунда аьлча динан дас аьллера:
«Везачу Элан цIийнан кертахь ма ейта иза».
16 Паччахьан цIенна уллохь йолчу Говрийн Керта
иза схьакхаьчча, церан буьйна яхара иза. Цигахь
цуьнан са даьккхира цара.

### Динан дас ЯхIу-ЯдаIа дина юхаметахIиттораш
(2 Шерашкахь 23:16-21)

17 Цул тIаьхьа халкъе а, паччахье а Везачу Элаца
барт байтира ЯхIу-ЯдаIа, шаьш Везачу Элан долахь
долу халкъ хилийтархьама. Иштта паччахьна а,
халкъана а юкъахь а барт бира ЯхIу-ЯдаIа.
18 ТIаккха махкарчу дерриг а халкъо, БаIал-
харцделан цIа а дахана, и цIа дохийра. Цара
БаIалан сагIа доккху кхерчаш а, цIуш а бохийна
дIабехира. Иштта БаIалан динан да волу Матани а
вийра цара сагIа доккхучу кхерчашна хьалха.
Цул тIаьхьа динан дас ЯхIу-ЯдаIа Везачу Элан
цIенна ха дан нах дIахIиттийра. 19 Динан дас, шеца
хьаькамаш а, паччахьан гIаролхой а, паччахьан
кертан гIаролхой а буьгуш, Юаш-паччахь Везачу
Элан цIийнера паччахьан цIенна тIе валийра.
ТIаккха паччахьан гIаролхойн кевнна тIе боьдучу
новкъахула паччахьан цIа кхечира уьш. Юаш-
паччахь шен паччахьан гIанта тIе охьахиира.
20 Мехкан дерриге а халкъ самукъане дара, гIала а
дIатийра, хIунда аьлча Iатал-ЯхIу паччахьан цIенна
уллохь, тур а тоьхна, йийнера.
21 Юашан ворхI шо дара, иза паччахь
дIахIоьттича.

### ЯхӀудхойн паччахь волу Юаш
(2 Шерашкахь 24:1-16)

12 Исраилхошна тӀехь ЯхӀус паччахьалла деш
долу ворхӀалгӀа шо долуш, Юаш паччахь
дӀахӀоьттира. Цо шовзткъа шарахь, Ярушалайм-
гӀалахь Ӏаш а волуш, паччахьалла дира. Цуьнан
ненан цӀе ЦивъяхӀу яра. Иза Беар-ШабаӀ-гӀалара
яра. 2 Динан дас ЯхӀу-ЯдаӀа шена хьехамаш бечу
массо а ханна Везачу Элана нийса хеташ дерг
леладора Юаша. 3 Делахь а, тӀехь сагӀа доккху
гунаш цо дӀадахаза диснера, ткъа наха кхидӀа а оцу
гунаш тӀехь сагӀа а доккхура, *хаза хьожа йогӀу хӀума*
а ягайора.
4 †Динан дайшка Юаша иштта элира: «Гулде
Везачу Элан цӀенна наха дахьаш мел долу Далла
лерина ахча – ясакх санна хӀора стагана тӀера
дӀадала дезаш долу ахча а, Далла динчу ваӀданца
доьзна долу ахча а, адамаша шайн лаамехь Везачу
Элан цӀенна луш мел долу ахча а. 5 ХӀора динан дас,
Делан цӀийнан хазна карахь йолчу цхьаьнгара
ахча схьа а эцна, цунах Везачу Элан цӀа тодан деза,
ерриге а йохийна меттигаш дӀа а тоеш».
6 Амма Юаша паччахьалла до ткъе кхоалгӀа шо
долчу хенахь а, Везачу Элан цӀа чохь йоьхна
меттигаш динан дайша хӀинца а тойина яцара.
7 Цундела Юаш-паччахьо, динан да ЯхӀу-ЯдаӀ а,
кхиболу динан дай а схьа а кхайкхина, цаьрга
элира: «Везачу Элан цӀа чохь йоьхна йолу
меттигаш то хӀунда ца йо аша? Аша кхидӀа ма
эцалаш шайн хазна карахь йолчаьргара ахча,
Везачу Элан цӀа дӀатодарна бен». 8 ТӀаккха динан
дайша барт бира нахера ахча кхин шайга дӀа ца
эца. Везачу Элан цӀа шаьш тодийр дац аьлла,
сацам а бира цара.
9 Динан дас ЯхӀу-ЯдаӀа, цхьа гӀутакх схьа а эцна,
цунна тӀехула агӀор херо а даьккхина, иза сагӀа
доккхучу кхерчана аьтту агӀорхьа Делан цӀийнан
керта чу воьддучу дӀахӀоттийра. Кертан неӀарехь ха
деш лаьттачу динан дайша Везачу Элана наха
дахьаш долу ахча, схьа а оьций, оцу гӀутакх чу
тосура. 10 Цу гӀутакх чохь дуккха а ахча гулделча,
динан коьртачу дас а, паччахьан йозанчо а, ахча
схьа а оьций, дагар а дой, галеш чу дуьллура иза.
11 ТӀаккха и ахча Везачу Элан цӀа нисдаран балхана
тӀехь куьйгалла деш болчу нахе дӀалора. Ткъа цара
иза дечиган пхьерашна а, гӀишлош еш болчарна а,
12 тӀулгаш дуттучарна а, тӀулг хьоккхучарна а
доькъура. Иза дойура дечиг а, хьаькхна тӀулг а
эцарна а, Везачу Элан цӀа чуьра йоьхна меттигаш
тоян а, и цӀа меттахӀоттош нислуш долчу массо а
кхечу гӀуллакхашна а. 13 Делахь а, Везачу Элан
цӀенна дахьаш долчу ахчанах ца йойтура дато
бошхепаш а, милт хадо тукарш а, боганаш а,
турбанаш а, цу цӀенна лерина муьлхха а тайпана
дашо я дато пхьегӀаш а. 14 Белхан куьйгалхошна
дӀалора и ахча, ткъа цара цунах Везачу Элан цӀа
тодора. 15 ††Белхалошна дӀасадекъа ахча дӀаделлачу
адамашкара хьесап ца хоьттура, хӀунда аьлча уьш
тешаме нах бара. 16 ‡ГӀуда такхаран а, къинан а
сагӀанех долу ахча Везачу Элан цӀа чу ца дахьара –
иза динан дайн долахь дара.
17 Цу хенахь арамхойн паччахьо Хьазиала, Гати-
гӀалина дуьхьал тӀом а бина, иза дӀалецира. ТӀаккха
Ярушалаймана тӀелата дагадеара Хьазиална.
18 Амма яхӀудхойн паччахьо Юаша, яхӀудхойн
паччахьаш хилла болчу шен дайша ЯхӀушаптис а,
ЯхӀурама а, Ахьаз-ЯхӀус а Везачу Элан цӀенна
сагӀина мел деана хӀума а схьаийцира цу чуьра.
Иштта ша сагӀина мел деана хӀума а, Везачу Элан
цӀийнан а, паччахьан цӀийнан а хазнаш чохь шена
мел карийна деши а, схьа а эцна, арамхойн
паччахьна Хьазиална дӀадахьийтира Юаша.
ТӀаккха Хьазиал тӀе ца летира Ярушалаймана.
19 Юашан кхидолчу гӀуллакхех лаьцна – цо мел
динчух лаьцна – яздина ду *ЯхӀудхойн паччахьийн
тептар* тӀехь.
20 ТӀаккха Юаш куьйгаллехь болчу хьаькамаша,
цунна дуьхьал ямартлонца барт а бина, Силле
воьдучу новкъахь йолчу Байт-Милло олучу
меттигехь иза вийра. 21 Юаш вийна волу
хьаькамаш бара: ШимӀатан кӀант Юзабди а,
Шумаран кӀант ЯхӀу-Забди а. Юаш велира. Иза а
дӀавоьллира шен дай дӀабоьхкинчу Даудан гӀалахь.
Юашан метта, паччахь а хилла, дӀахӀоьттира
цуьнан кӀант Амци-ЯхӀу.

### Исраилхойн паччахь волу ЯхӀу-Ахьаз

13 ЯхӀудхойн паччахь волчу Ахьаз-ЯхӀун кӀанта
Юаша паччахьалла деш долу ткъе кхоалгӀа
шо долуш, исраилхойн паччахь хилла дӀахӀоьттира
ЯхӀун кӀант ЯхӀу-Ахьаз. Цо вуьрхӀитта шарахь,
Шамран-гӀалахь Ӏаш а волуш, паччахьалла дира.
2 Цо Везачу Элана зуламе хеташ долу гӀуллакхаш
леладора. НабатӀан кӀанта ЯрбаӀама исраилхошка
летадайтина доллу къинош цо а летадора, царна
тӀера дӀа а ца воьрзуш. 3 ТӀаккха Веза Эла чӀогӀа
оьгӀазвахара Исраилан халкъана. Арамхойн
паччахь волчу Хьазиалан а, цуьнан кӀентан Бен-
Хьадидан а караделира Везачу Эло и халкъ дуккха
а ханна. 4 ТӀаккха ЯхӀу-Ахьаза гӀо доьхуш доӀа дира
Везачу Эле. И доӀа Везачу Элана дӀахезира, хӀунда
аьлча Цунна гуш дара арамхойн паччахьо
Исраилан халкъана беш болу ницкъ мел чӀогӀа бу.
5 ТӀаккха Везачу Эло исраилхошна уьш
кӀелхьарбохург вахийтира. Цо арамхойн карара
схьабехира уьш. Иштта исраилхой, хьалха санна,
кхерам а боцуш, шайн цӀенош чохь Ӏаш бара.
6 Амма ЯрбаӀаман цӀийно исраилхошка
летадайтинчу къиношна тӀера дӀа ца бирзира уьш.
Цара и къинош кхидӀа а летадора. Ткъа цара дела
санна лоручу *цӀу-зудчунна* Ашерана лерина болу
дечиган бӀогӀам Шамран-гӀалахь кхидӀа а лаьтташ
бара.

---

† *12:4 Арадаккхар 30:11-16.*

†† *12:15 Сулим 22:7.* ‡ *12:16 Ӏамалъяр 7:7.*

[7] ЯхӀу-Ахьаз-паччахьан эскарх виснарг шовзткъе
итт дошло а, итт тӀеман гӀудалкх а, итт эзар гӀашло
а бен вацара, хӀунда аьлча арамхойн паччахьо и
эскар дохийна дӀадаьккхира, когаш кӀел хьоьшу
чан санна эскархой а беш.
[8] ЯхӀу-Ахьаза лелийначу кхидолчу хӀуманех
лаьцна – цо мел динчух а, цуьнан майрачу
гӀуллакхех а лаьцна – яздина ду *Исраилхойн
паччахьийн тептар* тӀехь. [9] ТӀаккха ЯхӀу-Ахьаз, дӀа а
кхелхина, шен дайх дӀакхийтира. Иза Шамран-
гӀалахь дӀавоьллира. ЯхӀу-Ахьазан метта керла
паччахь хилла дӀахӀоьттира цуьнан кӀант ЯхӀуаш.

## Исраилхойн паччахь ЯхӀуаш

[10] ЯхӀудхойн паччахьо Юаша паччахьалла до ткъе
вуьрхӀитталгӀа шо долуш, исраилхойн паччахь
дӀахӀоьттира ЯхӀу-Ахьазан кӀант ЯхӀуаш. Шамран-
гӀалахь Ӏаш а волуш, цо ялхитта шарахь
паччахьалла дира. [11] Везачу Элана зуламе хеташ
долу гӀуллакхаш леладора цо. НабатӀан кӀанта
ЯрбаӀама исраилхошка летадайтинчу муьлххачу а
къинойх дӀа ца вирзира иза. Изза къинош цо а
летадора. [12] ЯхӀуаша лелийначу кхидолчу хӀуманех
лаьцна – цо мел динчух а, цуьнан майрачу
гӀуллакхех а, яхӀудхойн паччахьца Амци-ЯхӀуца цо
бинчу тӀамах а лаьцна – яздина ду *Исраилхойн
паччахьийн тептар* тӀехь. [13] ТӀаккха ЯхӀуаш, дӀа а
кхелхина, шен дайх дӀакхийтира. Цуьнан метта
керла паччахь хилла дӀахӀоьттира ЯрбаӀам.
Исраилхойн паччахьаш дӀабоьхкинчу Шамран-
гӀалахь дӀавоьллира ЯхӀуаш а.

## ЭлишаӀан валар

[14] †ЭлишаӀана цамгар кхийтира. Цу цамгарх
тӀаьхьо иза вала а велира. ЭлишаӀ волчу
исраилхойн паччахь ЯхӀуаш веара. Цо, ЭлишаӀана
тӀе а хӀоьттина, велха а воьлхуш, бохура: «Ва сан
да! Исраилхойн тӀеман гӀап а, церан ницкъ а ма
бара хьо!»
[15] ЭлишаӀа цуьнга элира: «СекхаӀад а, пхерчий а
схьаэца». ЯхӀуаша схьаийцира секхаӀад а, пхерчий
а. [16] Исраилхойн паччахье ЭлишаӀа элира: «Хьайн
куьйгаца Ӏад дула». Паччахьо шен куьйгаца Ӏад
дуьйлира. ТӀаккха ЭлишаӀа шен куьйгаш паччахьан
куьйгашна тӀедехкира. [17] «Малхбалехьа долу кор
дӀаделла», – элира ЭлишаӀа. Паччахьо кор
дӀадиллира. «Пха кхосса», – элира цо. Паччахьо пха
кхоьссира. ТӀаккха ЭлишаӀа элира: «Везачу Элера
болу, толам баккхаран пха бу иза! Арам-махкана
тӀехь толам баккхаран пха бу иза! Ахьа, буьззина
толам а боккхуш, Апакх-гӀалахь арамхой
хӀаллакбийр бу».
[18] ЭлишаӀа элира: «Дисина пхерчий схьаэца».
Паччахьо уьш схьаийцира. ТӀаккха ЭлишаӀа элира:
«Лаьтта тоха и пхерчий». Кхузза лаьтта а тоьхна,
паччахь сецира. [19] Делан стага, оьгӀаз а вахана,
элира цуьнга: «Ахьа пхоьазза я йолхазза лаьтта
тоха ма дезара пхерчий. ТӀаккха кхоччуш
хӀаллакбийр бара ахьа арамхой. Ткъа хӀинца кхузза
бен толам боккхур бац ахьа царна тӀехь».
[20] ЭлишаӀ велира, наха иза дӀавоьллира.
ХӀора шарахь бӀаьста муабахойн ардангаш
исраилхойн махка чу йогӀура. [21] Цхьана хенахь
масех исраилхо хилла цхьа велла стаг дӀавуллуш.
Шайна тӀейогӀу муабахойн цхьа арданг гича, цара
велларг ЭлишаӀан къубби чу тесна хилла. Къубби
чу дужучу хенахь и дакъа ЭлишаӀан даьӀахкех
дӀахьакхаделла, тӀаккха, ден а велла, шен когаш тӀе
дӀахӀоьттира и стаг.

## Исраилхоша арамхошца бина тӀом

[22] Арамхойн паччахьо Хьазиала Исраилан
халкъана ницкъ бора ЯхӀу-Ахьаз паччахьаллехь
лаьттинчу массо а хенахь. [23] Веза Эла Шен диканца
цаьрца а вара, Цо царах къинхетам а бира,
цаьргахьа а воьрзуш. Ша ИбрахӀимца а,
Исхьакхаца а, Якъубца а бинчу бертан дуьхьа,
хӀинцалерчу ханна тӀекхаччалц Цунна ца лаьара
уьш хӀаллакбан я уьш Шена уллора дӀататта.
[24] Арамхойн паччахь Хьазиал велча, цуьнан метта
паччахь дӀахӀоьттира цуьнан кӀант Бен-Хьадид.
[25] ТӀом болчу хенахь Хьазиала масех гӀала
схьаяьккхинера ЯхӀуашан дегара ЯхӀу-Ахьазера,
амма ЯхӀуаша и гӀаланаш юхаехира Хьазиалан
кӀантера Бен-Хьадидера. ЯхӀуаша кхузза толам
баьккхира Бен-Хьадидана тӀехь, исраилхойн
гӀаланаш юха а йохуш.

## ЯхӀудхойн паччахь волу Амци-ЯхӀу а, исраилхойн паччахь волу ЯхӀуаш а

(2 Шерашкахь 25:1-24)

14 Исраилхойн паччахь волчу ЯхӀу-Ахьазан
кӀанта ЯхӀуаша паччахьалла до шолгӀа шо
долуш, яхӀудхойн паччахь хилла дӀахӀоьттира
Юашан кӀант Амци-ЯхӀу. [2] Цуьнан ткъе пхи шо
дара, иза паччахь хӀоьттича. Ярушалаймехь Ӏаш а
волуш, цо ткъе исс шарахь паччахьалла дира.
Амци-ЯхӀун ненан цӀе ЯхӀу-Ӏаднат яра. Иза
Ярушалаймера яра. [3] Амци-ЯхӀус Везачу Элана
нийса хеташ долу гӀуллакхаш дора, амма цу тӀехь
шен дега Дауде ца кхочура иза. Цо шен дас Юаша
лелийна доллу гӀуллакхаш леладора. [4] Делахь а
тӀехь сагӀа доккху гунаш цо дӀадахаза дисина дара,
ткъа наха кхидӀа а оцу гунаш тӀехь сагӀа а доккхура,
*хаза хьожа йогӀу хӀума* а ягайора.
[5] Паччахьалла шен карадирзина даьлча, цо
паччахь хилла волу шен да вийна болу а, цуьнан
куьйгаллехь хилла болу а хьаькамаш байира.
[6] ††Амма Мусан товрат-хьехамийн тептар тӀехь
яздинчуьнга хьаьжжина, цу хьаькамийн береш ца
дайира Амци-ЯхӀус, хӀунда аьлча цигахь Везачу
Эло, весет а деш, аьллера: «Береша далийтина

† 13:14 Сулим 2:12.

†† 14:6 Карлабаьккхинарг 24:16.

зулам бахьанехь церан дайша валаран таIзар такха
ца деза. Иштта шайн дайша далийтина зулам
бахьанехь, бераша а валаран таIзар такха ца деза.
Амма хIораммо а шех даьлла зулам бахьана долуш,
валаран таIзар ша такха деза».
[7] Амци-ЯхIус Дуьра тогIи чохь итт эзар эдомхо
хIаллаквира. ТIамца СилаI-гIала схьа а лаьцна,
цунна Якхтаал аьлла, цIе тиллира цо. Тахханалц а
цу гIалин цIе изза ю.
[8] ТIаккха Амци-ЯхIус исраилхойн паччахь волчу
ЯхIун кIентан ЯхIу-Ахьазан кIантана ЯхIуашана тIе
геланчаш бахийтира: «Ара а валий, юьхь-дуьхьал
хIотта вайшиъ», – дIаала аьлла. [9] Ткъа исраилхойн
паччахьо ЯхIуаша яхIудхойн паччахьна Амци-
ЯхIуна жоп делира: «Ливанун-махкарчу коканийн
кулло Ливанун-махкарчу баганан диттана тIе, нах а
бахийтина: „Хьайн йоI сан кIанте маре яийтахьа“, –
аьлла. Амма Ливанун-махкара экха схьа а деана, цо
и коканийн колл дIахьаьшна. [10] Ахьа эдомхошна
тIехь толам баьккхина. Ткъа хIинца айхьа и толам
баьккхина аьлла, хьан дог курадаьлла. Хьайн
кураллаш а еш, цIахь Iе хьо. Хьайна бохам хIунда
лоьху те ахьа? ТIаккха хьо а хIаллаквийр вара,
хьоьца ЯхIуд-мохк а хIаллакбийр бара».
[11] Амма Амци-ЯхIус ла ца дуьйгIира шега
аьллачуьнга. ТIаккха исраилхойн паччахь ЯхIуаш
яхIудхойн паччахьна Амци-ЯхIуна дуьхьалвелира.
И шиъ тIамца ЯхIуд-махкарчу Байт-Шамаш олучу
гIалахь дуьхь-дуьхьал кхийтира. [12] Исраилхоша
яхIудхойн эскар дохийра. ТIаккха эшнарш шайн-
шайн цIа дIасабевдира. [13] Байт-Шамашехь
исраилхойн паччахьо ЯхIуаша яхIудхойн паччахь
волчу Ахьаз-ЯхIун кIентан Юашан кIант Амци-ЯхIу
схьалецира. ТIаккха ЯхIуаша, Ярушалайме а
вахана, цигарчу Эпрайман кевнера дуьйна сонехь
долчу кевнна тIеккхаччалц диъ бIе дол барамехь
болу Ярушалайман пен бохийра. [14] Везачу Элан цIа
чуьра а, паччахьан хазни чуьра а дерриг деши а,
дети а, массо пхьегIа а схьаийцира ЯхIуаша. Иштта,
лечкъийна, царах хIума яккха дагахь, шена адамаш
а дуьгуш, Шамран-гIала юхавирзира иза.
[15] ЯхIуаша лелийначу кхидолчу хIуманех – цо мел
динчух а, цуьнан майрачу гIуллакхех а, цо
яхIудхойн паччахьца Амци-ЯхIуца бинчу тIамах а
лаьцна – яздина ду *Исраилхойн паччахьийн тептар*
тIехь. [16] ТIаккха ЯхIуаш, дIа а кхелхина, шен дайх
дIакхийтира. Исраилхойн паччахьашна уллохь иза
Шамран-гIалахь дIавоьллира. ЯхIуашан метта
паччахь дIахIоьттира цуьнан кIант ЯрбаIам.

## ЯхIудхойн паччахь волчу Амци-ЯхIун валар

(2 Шерашкахь 25:25-28)

[17] ЯхIудхойн паччахь волчу Юашан кIант Амци-
ЯхIу исраилхойн паччахь хилла волу ЯхIу-Ахьазан
кIант ЯхIуаш веллачул тIаьхьа пхийтта шарахь
вехира. [18] Амци-ЯхIун кхидолчу гIуллакхех лаьцна
яздина ду *ЯхIудхойн паччахьийн тептар* тIехь.
[19] Ярушалаймехь Амци-ЯхIуна дуьхьал
ямартлонца барт бира. Иза Лахиш-гIала ведда
дIавахара. ТIаккха, цунна тIаьхьа Лахиш-гIала нах а
бахийтина, Амци-ЯхIу цигахь вийра. [20] Амци-ЯхIун
дакъа говраш тIехь Ярушалайме схьадеара. Иза а
шен дай дIабоьхкинчу Даудан гIалахь дIавоьллира.
[21] ТIаккха дерриг а ЯхIудан халкъо ялхитта шо
кхаьчна волу Iузи-ЯхIу † шен ден Амци-ЯхIун метта
паччахь дIахIоттийра. [22] ЯхIуаш, дIа а кхелхина,
шен дайх дIакхеттачул тIаьхьа Iузи-ЯхIус, Эйлат-
гIала ЯхIуд-махкана юха а ерзийна, иза
меттахIоттийра.

## Исраилхойн паччахь ЯрбаIам

[23] ЯхIудхойн паччахь волчу Юашан кIанта Амци-
ЯхIус паччахьалла до пхийтталгIа шо долуш,
исраилхойн паччахь дIахIоьттира ЮшаIан кIант
ЯрбаIам. Шамран-гIалахь Iаш а волуш, цо
шовзткъе цхьана шарахь паччахьалла дира.
[24] ЯрбаIама а Везачу Элана зуламе хеташ долу
гIуллакхаш леладора. НабатIан кIанта ЯрбаIама
исраилхошка летадайтинчу муьлххачу а къинойх
дIа ца вирзира иза. [25] ††ЯрбаIама Исраилан
халкъана юхадерзийра Хьамат-Iинера дуьйна
Iариба-тогIин хIорда тIе кхаччалц долу латта. И
дерриг а дара Исраилан халкъан Везачу Дала Шен
ялхо волчу Аматин кIантехула Юнусехула аьлларг.
Иза Гати-Хьепар олучу меттигера схьаваьлла
пайхамар вара.
[26] Везачу Элана гуш дара массо а исраилхоша –
чубоьхкина я маьрша уьш белахь а – хьоьгуш долу
къиза Iазап. Цхьа а вацара Исраилан халкъана гIо
дан. [27] Везачу Эло Ша Исраилан халкъан цIе стигал
кIелара дIаяйа аьлла ца хиларна, ЯхIуашан кIентан
ЯрбаIаман куьйгахула кIелхьарбехира Цо уьш.
[28] ЯрбаIама динчу массо а кхидолчу хIуманех
лаьцна – цо мел динчух а, цо лелийначу майрачу
гIуллакхех а, яхIудхойн долахь хилла йолу
Дамасакх а, Хьамат а гIаланаш Исраил-махкана
юхаерзаярх а лаьцна – яздина ду *Исраилхойн
паччахьийн тептар* тIехь. [29] ТIаккха ЯрбаIам, дIа а
кхелхина, шен дайх дIакхийтира. Исраилхойн
паччахьашна уллохь иза Шамран-гIалахь
дIавоьллира. ЯрбаIаман метта паччахь хилла
дIахIоьттира цуьнан кIант Закри-ЯхIу.

## ЯхIудхойн паччахь волу Iузи-ЯхIу

(2 Шерашкахь 26:1-23)

15 Исраилхойн паччахьо ЯрбаIама паччахьалла
до ткъе ворхIалгIа шо долуш, яхIудхойн
паччахь хилира Амци-ЯхIун кIант Iузи-ЯхIу ‡. [2] Цу
хенахь Iузи-ЯхIун ялхитта шо дара. Ярушалаймехь
Iаш а волуш, цо шовзткъе шийтта шарахь

† *Iебархойн тептар тIехь: *Iазар-ЯхIу. *Цуьнан кхин а Iузи-ЯхIу цIе а ю.** †† *14:25 Юнус 1:1.* ‡ *Iузи-ЯхIу *– Iебархойн тептар тIехь: *Iазар-ЯхIу. *Иза Iузи-ЯхIун кхин цIе ю. Оцу тептар тIехь цхьадолчу аяташкахь цунах Iазар-ЯхIу олу, ткъа кхечу аяташкахь цунах Iузи-ЯхIу олу.**

паччахьалла дира. Іузи-ЯхӀун ненан цӀе Яхул-ЯхӀу
яра. Иза Ярушалаймера яра. [3] Шен дас Амци-ЯхӀус
лела мел динарг санна, Іузи-ЯхӀус а леладора
Везачу Элана нийса хетарг. [4] Делахь а тӀехь сагӀа
доккху гунаш дӀадахаза дисина дара, ткъа наха
кхидӀа а оцу гунаш тӀехь сагӀа а доккхура, *хаза
хьожа йогӀу хӀума* а ягайора. [5] Везачу Эло Іузи-ЯхӀу-
паччахьна дӀа ца йоьрзу *чкъуран цамгар*
кхетийтира. Иза велла дӀаваллалц и цамгар цунна
тӀехь лаьттира. Цундела иза къаьстина лаьтташ
долчу цӀа чохь Іаш вара. Ткъа паччахьан кӀанта
Йовтама паччахьан цӀенна тӀехь хьаькамалла а
дора, мехкан халкъана тӀехь урхалла а дора.
[6] Іузи-ЯхӀун кхидолчу гӀуллакхех лаьцна – цо мел
динчух лаьцна – яздина ду *ЯхӀудхойн паччахьийн
тептар* тӀехь. [7] †ТӀаккха Іузи-ЯхӀу, дӀа а кхелхина,
шен дайх дӀакхийтира. Царна уллохь иза Даудан
гӀалахь дӀавоьллира. Іузи-ЯхӀун метта паччахь
дӀахӀоьттира цуьнан кӀант Йовтам.

## Исраилхойн паччахь Закри-ЯхӀу

[8] ЯхӀудхойн паччахьо Іузи-ЯхӀус паччахьалла до
ткъе берхӀитталгӀа шо долуш, исраилхойн паччахь
хилла дӀахӀоьттира ЯрбаІаман кӀант Закри-ЯхӀу.
Шамран-гӀалахь Іаш а волуш, цо ялх баттахь
паччахьалла дира. [9] Закри-ЯхӀус а, шен дайша
санна, Везачу Элана зуламе хеташ долу гӀуллакхаш
леладора. НабатӀан кӀанта ЯрбаІама исраилхошка
летадайтинчу муьлххачу а къинойх дӀа ца вирзира
иза. [10] Закри-ЯхӀуна дуьхьал ямартлонца барт а
бина, Явешан кӀанта Шалума, халкъана хьалха
цунна чов а еш ††, иза вийра. Ткъа ша цуьнан метта
паччахь хӀоьттира.
[11] Закри-ЯхӀус лелийначу кхидолчу гӀуллакхех
лаьцна яздина ду *Исраилхойн паччахьийн тептар*
тӀехь.
[12] Иштта Везачу Эло ЯхӀуга аьлла дешнаш
кхочушхилира. Цо аьллера: «Хьан тӀаьхьенах
доьалгӀачу гаранна тӀекхаччалц берш хир бу
исраилхойн паччахьаш». Иза иштта хила а хилира.

## Исраилхойн паччахь Шалум

[13] ЯхӀудхойн паччахьо Іузи-ЯхӀус паччахьалла до
ткъе ткъайоьсналгӀа шо долуш, исраилхойн
паччахь хилла дӀахӀоьттира Явешан кӀант Шалум.
Шамран-гӀалахь Іаш а волуш, цо цхьана баттахь
паччахьалла дира.
[14] Тирца-гӀалара Гадин кӀанта Менахьима, ара а
ваьлла, Шамран-гӀалахь Явешан кӀант Шалум
вийра, ша цуьнан метта паччахь дӀа а хӀуттуш.
[15] Шалуман кхидолчу гӀуллакхех лаьцна – цо
ямартлонца бинчу бартах лаьцна – яздина ду
*Исраилхойн паччахьийн тептар* тӀехь. [16] Оцу хенахь
Менахьим, Тирца-гӀалара ара а ваьлла, Тапсахь-
гӀалина тӀелетира. ГӀалина чохь мел болчу нахана
а, цунна гонах бехачу нахана а тӀелетира иза,
хӀунда аьлча цара гӀалин кевнаш дӀа ца диллинера.
Берах йолу массо а зуда цестина хӀаллакьяйтира
цо.

## Исраилхойн паччахь Менахьим

[17] ЯхӀудхойн паччахьо Іузи-ЯхӀус паччахьалла до
ткъе ткъайоьсналгӀа шо долуш, исраилхойн
паччахь хилла дӀахӀоьттира Гадин кӀант Менахьим.
Шамран-гӀалахь Іаш а волуш, цо итт шарахь
паччахьалла дира. [18] Менахьим-паччахьо а Везачу
Элана зуламе хеташ долу гӀуллакхаш леладора. Ша
паччахьалла деш мел яьккхинчу хенахь НабатӀан
кӀанта ЯрбаІама исраилхошка летадайтинчу
муьлххачу а къинойх дӀа ца вирзира иза. [19] Цу
хенахь Ашур-махкара волу паччахь ПӀула ‡ Исраил-
махкана тӀегӀоьртира. Менахьима эзар гали дети
делира ПӀуле, цуьнга шена гӀо а дойтуш, шен
паччахьалла чӀагӀдархьама. [20] ХӀора хьолахочунна
тӀе шовзткъе итт *шекхал* дети ‡‡ далар тӀедожийра
Менахьима. И ахча Ашур-мехкан паччахье
дӀаделира цо. ТӀаккха Ашур-мехкан паччахь,
Исраил-махкахь а ца вуьсуш, дӀавахара.
[21] Менахьиман кхидолчу гӀуллакхех лаьцна – цо
мел динчух лаьцна – яздина ду *Исраилхойн
паччахьийн тептар* тӀехь. [22] ТӀаккха Менахьим, дӀа а
кхелхина, шен дайх дӀакхийтира. Менахьим-
паччахьан метта паччахь хилира цуьнан кӀант
Пакхихь-ЯхӀу.

## Исраилхойн паччахь Пакхихь-ЯхӀу

[23] Іузи-ЯхӀус паччахьалла до шовзткъе уьтталгӀа
шо долуш, Исраилан халкъана тӀехь паччахь
хӀоьттира Менахьиман кӀант Пакхихь-ЯхӀу.
Шамран-гӀалахь Іаш а волуш, цо шина шарахь
паччахьалла дира. [24] Пакхихь-ЯхӀус а Везачу Элана
зуламе хеташ долу гӀуллакхаш леладора. НабатӀан
кӀанта ЯрбаІама исраилхошка летадайтинчу
къинойх дӀа ца вирзира иза. [25] Пакхихь-ЯхӀу-
паччахьан коьрта хьаькам Пикхахьи вара. Иза
Рамли-ЯхӀун кӀант вара. Цо, Пакхихь-ЯхӀуна
дуьхьал ямартлонца барт а бина, ГалӀад-гӀалара
шовзткъе итт стаг шеца схьа а эцна, Шамран-
гӀалахь паччахьан цӀийнан чӀагӀйинчу чохь
паччахь вийра. Цуьнца цхьаьна АргӀаб а, Ария а
вийра цо. ТӀаккха Пикхахьи паччахь хилла
дӀахӀоьттира Пакхихь-ЯхӀу-паччахьан метта.
[26] Пакхихь-ЯхӀу-паччахьан кхидолчу гӀуллакхех
лаьцна – цо мел динчух лаьцна – яздина ду
*Исраилхойн паччахьийн тептар* тӀехь.

## Исраилхойн паччахь Пикхахьи

[27] ЯхӀудхойн паччахь волчу Іузи-ЯхӀус
паччахьалла деш долу шовзткъе шуьйтталгӀа шо

† *15:7 ЕшаӀ-ЯхӀу 6:1.* †† *Халкъана хьалха цунна чов а еш *– цхьадолчу грекийн ширачу гочдарш тӀехь: *ИбалӀам-гӀалахь цунна чов а еш.**

‡ *ПӀула *– цуьнан кхин цӀе яра: *ТигӀлат-Палиасар.** ‡‡ *Шовзткъе итт шекхал дети *– иза ах кийланал цхьажимма сов ду.**

долуш, исраилхойн паччахь хилла дӀахӀоьттира
Рамли-ЯхӀун кӀант Пикххьи. Цо ткъа шарахь,
Шамран-гӀалахь Ӏаш а волуш, паччахьалла дира.
28 Пикххьис а Везачу Элана зуламе хеташ долу
гӀуллакхаш леладора. НабатӀан кӀанта ЯрбаӀама
исраилхошка летадайтинчу къинойх дӀа ца
вирзира иза.
29 Исраилхойн паччахьо Пикххьис паччахьалла
дечу заманахь, Ашур-мехкан паччахьо ТигӀлат-
Палиасара, схьа а веана, Ӏаюн, Абал-Байт-МаӀак,
Янохь, Кхедаш, Хьацор гӀаланаш, иштта ГалӀад-
мохк, Галилай-мохк – шайна чу берриге а Наптал-
мохк чу а лоцуш – дӀалецира. Цигара нах, йийсаре
а буьгуш, Ашур-махка дӀакхалхийра цо.
30 Элан кӀанта ХӀушаӀа, Рамли-ЯхӀун кӀантана
Пикххьина дуьхьал ямартлонца барт а бина,
цунна тӀе а летта, иза вийра. Иштта, Ӏузи-ЯхӀун
кӀанта Йовтама паччахьалла до ткъолгӀа шо долуш,
Пикххьин метта паччахь дӀахӀоьттира ХӀушаӀ.
31 Пикххьин кхидолчу гӀуллакхех лаьцна – цо мел
динчух лаьцна – яздина ду *Исраилхойн
паччахьийн тептар* тӀехь.

### ЯхӀудхойн паччахь Йовтам
(2 Шерашкахь 27:1-9)

32 Исраилхойн паччахь волчу Рамли-ЯхӀун кӀанта
Пикххьис паччахьалла до шолгӀа шо долуш,
яхӀудхойн паччахь дӀахӀоьттира Ӏузи-ЯхӀун кӀант
Йовтам. 33 Цуьнан ткъе пхи шо дара, иза паччахь
дӀахӀоьттича. Йовтама ялхитта шарахь
паччахьалла дира Ярушалаймехь. Цуьнан ненан
цӀе Яруша яра, иза ЦӀадукъин йоӀ яра. 34 Шен дас
Ӏузи-ЯхӀус санна, Йовтама а Везачу Элана нийса
хеташ дерг леладора. 35 Делахь а тӀехь сагӀа доккху
гунаш дӀадахаза дисина дара, ткъа наха кхидӀа а
оцу гунаш тӀехь сагӀа а доккхура, хаза хьожа йогӀу
хӀума а ягайора. Ткъа Везачу Элан цӀийнан кертара
Лакхара Ков юхаметтахӀоттийнарг Йовтам вара.
36 Йовтаман кхидолчу гӀуллакхех лаьцна – цо мел
динчух лаьцна – яздина ду *ЯхӀудхойн паччахьийн
тептар* тӀехь. 37 Цу заманахь арамхойн паччахь
Рицан а, Рамли-ЯхӀун кӀант Пикххьи а вахийтира
Везачу Эло яхӀудхошца тӀом бан. 38 Ткъа Йовтам, дӀа
а кхелхина, шен дайх дӀакхийтира. Царна уллохь
ша схьаваьллачу Даудан гӀалахь дӀавоьллира иза.
Йовтаман метта паччахь дӀахӀоьттира цуьнан кӀант
Ахьаз.

### ЯхӀудхойн паччахь Ахьаз
(2 Шерашкахь 28:1-27)

16 Рамли-ЯхӀун кӀанта Пикххьис паччахьалла
до вуьрхӀитталгӀа шо долуш, яхӀудхойн
паччахь дӀахӀоьттира Йовтаман кӀант Ахьаз.
2 Ахьазан ткъа шо дара, иза паччахь дӀахӀоьттича.
Цо Ярушалаймехь ялхитта шарахь паччахьалла
дира. Ша схьаваьллачу Дауде терра а ца лелаш,
шен Везачу Далла нийса хеташ долу гӀуллакхаш ца
леладора Ахьаза. 3 †Иза а вара исраилхойн
паччахьаша лелийна боллу некъ лелош. Цо ур-
атталла шен кӀант цӀерах чекхваккхийтира, Везачу
Эло Исраилан халкъана юкъара дӀалелхийначу
къаьмнаша мел лелийна дегаза гӀуллакхаш лела а
деш. 4 Гунаш тӀехь а, баьрзнаш тӀехь а, муьлххачу а
ӀиндагӀ луш долчу диттана кӀел а сагӀа а доккхура,
*хаза хьожа йогӀу хӀума* а ягайора Ахьаза.
5 ††ТӀаккха арамхойн паччахь Рицан а, исраилхойн
паччахь Рамли-ЯхӀун кӀант Пикххьи а, Ярушалайм
дӀалаца дагахь, Ахьазана дуьхьал тӀом бан вахара.
Цара Ярушалаймана го бира, амма толам ца
баккхабелира цаьрга. 6 Цу хенахь арамхойн
паччахьо, Эйлат-гӀала Араман халкъана юха а
ерзош, цу гӀалара яхӀудхой дӀалаьхкира. Эдомхой
цо Эйлат-гӀала бахийтира, уьш кху заманахь а
цигахь бехаш бу. 7 Ахьаза шен геланчаш бахийтира
Ашур-мехкан паччахьна ТигӀлат-Палиасарна тӀе. Цо
элира: «Со хьан ялхо а, хьан долахь верг а ву. Схьа
а волий, суна дуьхьалбевллачу арамхойн а,
исраилхойн а паччахьийн карара
кӀелхьарваккхахьа со». 8 ТӀаккха Ахьаза Везачу
Элан цӀа чохь а, паччахьан цӀийнан хазни чохь а
долу деши а, дети а, схьа а эцна, Ашур-мехкан
паччахьна совгӀатна дахьийтира. 9 Ашурхойн
паччахьо ладуьйгӀира Ахьаз-паччахьо бохучуьнга.
Иза Дамасакхана дуьхьал тӀом бан вахара.
Дамасакх схьа а лаьцна, цигара бахархой цо Кхир-
гӀала дӀакхалхийтира, ткъа Рицан вийра.
10 Цул тӀаьхьа Ахьаз-паччахь Дамасакхе Ашур-
мехкан паччахьна ТигӀлат-Палиасарна
дуьхьалвахара. Ахьазана Дамасакххехь лаьтташ
болу *сагӀа доккху кхерч* гира. Цо оцу сагӀа доккхучу
кхерчан жима кеп а яйтина, иза дӀа муха хӀотто
беза дуьйцуш долу кехат а яздина, уьш динан дега
УръяхӀуга дӀадахьийтира. 11 ТӀаккха динан дас
УръяхӀус шега Дамасакхера Ахьаз-паччахьо
схьабаийтинчу кепехь сагӀа доккху кхерч бира.
Ахьаз-паччахь Дамасакхера юхаверзале динан дас
УръяхӀус и кхерч бина дӀахӀоттийра. 12 Паччахьна,
ша Дамасакхера цӀа веача, и сагӀа доккху кхерч
гира. Цо, кхерчана тӀе а вахана, цу тӀехь сагӀа
даькккхира. 13 Дийнаташ дагоран сагӀа а, кӀен сагӀа
а, чагӀаран сагӀа а даькккхира цо цу кхерчана тӀехь.
Бертан сагӀа а доккхуш, кхерчан агӀонаш тӀе цӀийн
цинцаш туьйхира паччахьо. 14 ‡Керлачу кхерчана а,
Везачу Элан цӀенна а юкъахь Везачу Элана
дӀакъастийна цӀестан кхерч бара лаьтташ. Амма
Ахьаз-паччахьо, и кхерч, схьа а эцна, шен керлачу
кхерчана къилбаседехьа агӀор охьабиллира.
15 Динан дега УръяхӀуга, омра а деш, Ахьаз-
паччахьо элира: «Оцу боккхачу кхерчана тӀехь
Ӏуьйренан дийнаташ дагоран сагӀа а, суьйренан
кӀен сагӀа а даккха. Иштта цу тӀехь паччахьан а, кху
махкара массо а адамийн а дийнаташ дагоран
сагӀанаш а, кӀен сагӀанаш а, адамийн чагӀаран
сагӀанаш а даха. Муьлхха а дагоран сагӀа доккхуш

† *16:3 Карлабаьккхинарг 12:31.* †† *16:5 ЕшаӀ-ЯхӀу 7:1.* ‡ *16:14 Арадаккхар 27:1, 2; 2 Шерашкахь 4:1.*

даьлла цІий а, муьлхха а сагІина дахьаш долчу
дийнатийн цІийн цинцаш а тІетоха оцу кхерчана
тІе. Ткъа цІестан кхерч пал туьйсуш лелор бу аса».
[16] Ахьаз-паччахьо омра ма-дарра, дерриге а
кхочушдира динан дас УръяхІус.
[17] †Ахьаз-паччахьо чкъургаш тІехь йолчу
кІелхІотторгашна тІера деакІов пенаш а, еш а
дІадехира. Иштта боккха цІестан яй а
дІабаькккхира, цІестан стерчашна тІера иза тІулган
цІенкъа охьа а буьллуш. [18] Везачу Элан цІийнан
кертахь шоьтан дийнахь дІахІуттучу гуламна
лерина йина тхевнан кІело а дІаяькккхира Ахьаза.
Иштта паччахьан арахула Везачу Элан цІа чу
вогІийла а дІаяькккхира. Иза Ашур-мехкан
паччахьан дуьхьа дира Ахьаза.
[19] Ахьазан кхидолчу гІуллакхех лаьцна – цо мел
динчух лаьцна – яздина ду *ЯхІудхойн паччахьийн
тептар* тІехь. [20] ††ТІаккха Ахьаз, дІа а кхелхина, шен
дайх дІакхийтира. Царна уллохь иза Даудан гІалахь
дІавоьллира. Ахьазан метта паччахь дІахІоьттира
цуьнан кІант Хьузакх-ЯхІу.

### Исраилхойн паччахь волу ХІушаІ

17 ЯхІудхойн паччахь волчу Ахьаза
паччахьалла деш долу шийтталгІа шо долуш,
исраилхойн паччахь хилла дІахІоьттира Элан кІант
ХІушаІ. Цо исс шарахь, Шамран-гІалахь Іаш а
волуш, паччахьалла дира. [2] ХІушаІа а Везачу Элана
зуламе хеташ долу гІуллакхаш леладора. Амма шел
хьалха хиллачу исраилхойн паччахьаша санна
дукха зуламаш ца дора ХІушаІа. [3] Ашур-мехкан
паччахь Шалманесар ХІушаІана дуьхьалвелира.
ТІаккха ХІушаІах, Шалманесарна ял а луш, цуьнан
ялхо хилира. [4] Амма Ашур-мехкан паччахьна
хааделира ХІушаІа шена дуьхьал барт бина хилар.
ХІушаІа Мисар-мехкан Су-паччахьна тІе ‡ геланчаш
хьажийнера, ткъа Ашур-мехкан паччахьна, ша
хьалха луш ма-хиллара, ял ца еллера цо. Цундела
Ашур-мехкан паччахьо, ХІушаІ дІа а лаьцна, иза
набахти чу воьллира.

### Шамран-гІала йохар

[5] Берриг а Исраил-махкана тІегІоьртира
Шалманесар. Шамран-гІалина тІе а веана, кхаа
шарахь го бина латтийра цо и гІала. [6] ХІушаІа
паччахьалла до уьссалгІа шо долуш дІалецира
Ашур-мехкан паччахьо Шамран-гІала. Исраилхой,
Ашур-махка дІа а бигна, Хьалахь-гІалахь а, Газун-
кІоштахь долчу Хьабур-хина йистехь а, Мадай-
мехкан гІаланашкахь а баха охьаховшийра цо.
[7] И дерриг а хилира, шаьш Мисар-махкарчу
паччахьан карара а, оцу махкара а арадаьхна
волчу шайн Везачу Далла дуьхьал исраилхоша
къинош летийна дела. Исраилхоша кхечу
деланашна Іибадат дора, [8] Везачу Эло шайн
лаьттара дІалелхийначу къаьмнаша лелийна доллу
хІума лела а дора, иштта исраилхойн паччахьаша
хІиттийна зуламе ламасташ цара а леладора.
[9] Шайн Везачу Далла нийса хеташ доцу гІуллакхаш
къайлаха леладора исраилхоша. Цара шайн массо
а гІаланашкахь тІехь сагІа доккху гунаш
дІахІиттийра, ха деш йолу бІов йолуш йолчу
жимачу гІалина тІера дуьйна чІагІйинчу йоккхачу
гІалина тІекхаччалц. [10] ‡†Исраилхоша шаьш Іаш
болчохь харцделанашна хІиттийна тІулгаш а,
Ашера-харцдалла лерина долу дечиган бІогІамаш а
хІиттинера хІора гуна тІе а, хІора ІиндагІ луш долчу
диттана кІел а. [11] Шаьш долчуьра Везачу Эло
лелхийна долчу къаьмнаша санна, оцу массо а
сагІа доккхучу гунаш тІехь хаза хьожа йогІу
хІуманаш ягайора цара. Иштта, Веза Эла
оьгІазвохуьйту зуламе гІуллакхаш дора цара.
[12] Цара *цІу-деланашна* Іибадат дора, ткъа Везачу
Эло исраилхошка аьллера: «Иза ма леладелаш».
[13] Везачу Эло Шен массо а пайхамаршкахула а,
хиндерг гуш волчуьнгахула а, Исраилан халкъе а,
ЯхІудан халкъе а дІахьедар а деш, аьллера: «Шаьш
лелачу зуламечу некъаш тІера юхадовла, Аса шун
дайшна тІедиллина долу а, Сайн ялхой болчу
пайхамаршкахула шуна дІабеллачу товрат-
хьехамна тІехь долу а Сан весеташ а, парзаш а
ларде». [14] Амма цара ла ца дугІура. Уьш а, шайн
Везачу Делах тешар доцу шайн дай санна,
аьрхабевллера. [15] Уьш дІабирзира Везачу Элан
парзех а, церан дайшца Цо бинчу бартах а. Цара ла
ца дуьйгІира Везачу Эло шайга, дІахьедар а деш,
аьллачуьнга. Цара цІу-деланашна Іибадат дора,
уьш хІумма а йоцург боллушехь, цу тайпана шаьш
а хІумма а боцурш а хилла. Шайна гонах долу
къаьмнаш санна бехаш бара исраилхой, Везачу
Эло шайга, весет а деш, аьлла доллушехь: «Ма
делаш цара дийриг». [16] ‡‡Халкъо шайн Везачу Делан
весеташ дІатеттира. Цара шайна деших доьттина
ши эса а дІахІоттийра, Ашера-харцдалла лерина
болу дечиган бІогІам а бира. Цара стигалшкахь мел
болчу ницкъашна Іибадат а дора, БаІал-харцдалла
Іамал а йора. [17] ‡‡†Цара шайн бераш цІерах
чекхдохуьйтура. Иштта бозбунчаллаш а леладора,
пал а туьйсура. Везачу Элана зуламе хеташ долу
гІуллакхаш леладора цара, Иза оьгІаз а вохуьйтуш.
[18] Веза Эла чІогІа оьгІазвахара исраилхошна. Цо
уьш Шена уллора дІатеттира. ЯхІудан цхьа тайпа
доцург, царах цхьа а ца висира!
[19] ЯхІудхоша а ца лардора шайн Везачу Делан
весеташ. Цара а леладора исраилхойн Іадаташ,
исраилхоша дийрриг а деш. [20] Иштта, Везачу Эло
дІатеттира дерриг а Исраилан халкъ. Цо дуккха а
баланаш тІе а бахкийтира цунна, талорхойн кара
дІа а белира уьш. ТІаьххьара а Шена гучуьра дІа а
бехира Везачу Эло исраилхой.

---

† *16:17 Сулим 7:23-39; 2 Шерашкахь 4:2-6.* †† *16:20 ЕшаІ-ЯхІу 14:28.* ‡ *Мисар-мехкан Су-паччахьна тІе *– я иштта: *Сайс-гІалахь волчу Мисар-мехкан паччахьна тІе.**

‡† *17:10 Сулим 14:23.* ‡‡ *17:16 Сулим 12:28.* ‡‡† *17:17 Карлабаькkхинарг 18:10.*

21 Везачу Эло исраилхой Даудан цIийнах
дIакъастийча, НабатIан кIант ЯрбаIам шайн
паччахь дIахIоттийра цара. Ткъа ЯрбаIама,
исраилхой Везачу Элах дIа а берзийна, доккха къа
латадайтира цаьрга. 22 ЯрбаIам-паччахьо летош
доллу къинош летадора исраилхоша а. И къинош
леточуьра совцуш а бацара исраилхой, 23 Везачу
Эло уьш дIататталц, Шен ялхой болчу массо а
пайхамаршкахула Цо аьлла ма-хиллара. Исраилхой
шайн махкара Ашур-махка дIакхалхийнера, уьш
хIинца а цигахь бехаш бу.

## Исраил-махкахь ашурхоша кхин къаьмнаш даха охьаховшор

24 Ашур-мехкан паччахьо Бавел а, Кут а, Iаву а,
Хьамат а, Сепарвайм а гIаланашкара халкъаш
арадехира. Уьш исраилхойн метта Шамран-мехкан
гIаланашка схьабалийра цо. Шамран-мохк шайн
дола а баьккхина, схьадалийна долу и халкъаш
цигара гIаланашкахь даха охьахевшира. 25 Цигахь
даха доладелча, и халкъаш Везачу Эле ларамах
дуьзна ца хилла. Цундела Везачу Эло царна юкъа
лоьмаш дохуьйтура. Лоьмаша цхьаберш
хIаллакбора. 26 ТIаккха Ашур-мехкан паччахьна тIе
хабар даьхьира: «Шамран-мехкан гIаланашка схьа
а далийна, ахьа охьаховшийначу халкъашна цу
махкарчу Дала тIедехкинарш ца девза. Цундела Цо
царна юкъа лоьмаш дахийтина, ткъа цу лоьмаша и
халкъ хIаллакдо, царна цу махкарчу Дала
тIедехкинарш ца девза дела», – аьлла. 27 Ашур-
мехкан паччахьо, омра а деш, элира: «Цигара
арабаьхна болчу динан дайх цхьаъ оцу махка
вахийта. Иза цига дIа а хьажавой, цу мехкан Дала
тIедехкинарш а довзуьйтуш, иза цигахь вахийта».
28 ТIаккха Шамран-махкара арабаьхначарах цхьа
*динан да*, Бетал-гIала схьа а веана, Везачу Элана
Iамал муха ян еза а хьоьхуш, цигахь вехаш вара.
29 Амма хIора халкъо шайн-шайн деланийн цIуш
бора. И цIуш сагIа доккхучу гунаш тIехь
шамранхоша динчу харцделанийн цIеношкахь
дIахIиттабора цара. Иштта шаьш даха
охьахевшинчу хIора а гIалахь дира цара. 30 Бавел-
гIаларчу наха шайна Сакхат-Банут олу цIу-дела
вира, Кут-гIаларчу наха – Нургал, Хьамат-гIаларчу
наха – Ашимаъ цIераш йолу цIу-деланаш
дIахIиттийнера. 31 Iаву-гIалахь – Нибхьаз а, Тартакх
а цIуш бира, сепарваймхоша шайн бераш цIергахь
дагадора шайн цIу-деланашна Адир-Маликана а,
Iанам-Маликана а уьш сагIина а дахьаш. 32 Цу тIе
Везачу Элана а Iамал йора цара. СагIа доккхучу
гунаш тIе шайна юкъара динан дай хаьржира цара.
Уьш гIуллакх деш бара гунаш тIехь долчу
харцделанийн цIенош чохь. 33 Цара Везачу Элана
Iибадат дора, амма, шаьш арадаьхначу къаьмнийн
ламасташка хьаьжжина, шайн деланашна а Iамал
йора цара.
34 †ХIинца а шайн хIетахьлера Iадаташ леладо
цара. Уьш Везачу Эле ларамах буьзна бац, ткъа
Везачу Эло «Исраил» аьлла цIе тиллинчу Якъубан
тIаьхьенна делла парзаш а, тIедехкинарш а,
товрат-хьехам а, весеташ а цара лар ца до.
35 ††Везачу Эло, Исраилан халкъаца барт а беш,
царна тIедиллинера: «Кхечу деланашна Iибадат а
ма де, царна корта а ма бетта, Iамал а ма е, сагIа а
ма даккха. 36 ‡Ткъа шу Мисар-махкара Шен
боккхачу ницкъаца а, схьакховдийначу куьйгаца а
арадаьхна волчу Везачу Элана Iибадат а де, Цунна
Iамал а е, Цунна сагIа а даккха. 37 Везачу Эло шайна
дIаяздина парзаш а, тIедехкинарш а, товрат-
хьехам а, весеташ а гуттара а лардан деза аша.
Кхечу деланашна Iамал ян ца еза аша. 38 Аса шайца
бина барт биц а ма бе, кхечу деланашна Iамал а ма
е. 39 Веккъа шайн Веза Эла волчу цхьана Далла
Iамал е, тIаккха Цо шу кIелхьардохур ду шун массо
а мостагIех». 40 Амма исраилхоша Цуьнга ла ца
дугIура. Цара шаьш хьалха лелийна доллу
гIуллакхаш леладора.
41 Оцу халкъаша Везачу Элана а Iибадат дора,
амма шайн цIу-деланашна а Iамал йора. ХIинца а
церан бераша а, берийн бераша а, шайн дайша
лелийна доллу гIуллакхаш леладо.

## ЯхIудхойн паччахь Хьузакх-ЯхIу

(2 Шерашкахь 29:1, 2; 31:1)

18 Исраилхойн паччахь волчу Элан кIанта
ХIушаIа паччахьалла до кхоалгIа шо долуш,
яхIудхойн паччахь дIахIоьттира Ахьаз-паччахьан
кIант Хьузакх-ЯхIу. 2 Иза паччахь дIахIуттуш цуьнан
ткъе пхи шо дара. Ярушалаймехь Iаш а волуш,
ткъе исс шарахь паччахьалла дира Хьузакх-ЯхIус.
Цуьнан ненан цIе яра Аби-ЯхIу, ткъа иза Закри-
ЯхIун йоI яра. 3 Ша схьаваьллачу Дауд-паччахьо
лела мел динарг санна, Хьузакх-ЯхIус а леладора
Везачу Элана нийса хеташ дерг. 4 ‡‡СагIа доккху
гунаш дIадехира цо, харцделанашна хIиттийна
тIулгаш хьийшира, Ашера цIе йолчу харцдалла
лерина долу дечиган бIогIамаш хедийра. Ткъа
Муса-пайхамаро бина болу цIестан лаьхьа Хьузакх-
ЯхIус кагбира, хIунда аьлча цу хенахь а
исраилхоша Нахьуштан цIе йоккхуш болчу цунна
хаза хьожа йогIу хIуманаш ягайора. 5 Исраилан
халкъан Везачу Делах тешара Хьузакх-ЯхIу. Цул
хьалха, я цул тIаьхьа и санна волу паччахь ца
велира яхIудхойн массо а паччахьашна юкъахь.
6 Везачу Элана тешаме а волуш, цкъа а Цунах дIа
ца вирзира Хьузакх-ЯхIу. Мусагахула Везачу Эло
бина хьехамаш кхочушбора цо. 7 Веза Эла гуттара а
вара цуьнца, ткъа ша дечу массо а гIуллакхаш тIехь
аьтто хуьлуш вара Хьузакх-ЯхIу. Ашур-мехкан
паччахьна дуьхьал а волуш, цунна муьтIахь вацара
Хьузакх-ЯхIу. 8 Ха деш йолу бIов йолчу жимачу
гIалина тIера дуьйна йоккхачу чIагIйинчу гIалина
тIекхаччалц, пIелаштамхошна тIехь толамаш

† *17:34 Доладалар 32:28; 35:10.* †† *17:35 Арадаккхар 20:5; Карлабаьккхинарг 5:9.* ‡ *17:36 Карлабаьккхинарг 6:13.* ‡‡ *18:4 Лелар 21:9.*

бехира цо, Iази-гIалина а, цуьнан гонах йолчу
аренна а тIекхаччалц.
[9] Хьузакх-ЯхIус паччахьалла до доьалгIа шо
долуш, ткъа исраилхойн паччахьан Элан кIанта
ХIушаIа паччахьалла до ворхIалгIа шо долуш,
Ашур-мехкан паччахьо Шалманесара, тIе а
гIоьртина, Шамран-гIалина го бира. [10] Кхо шо
даьлча, Шалманесара дIалецира и гIала. Цу
тайпана Хьузакх-ЯхIус паччахьалла до йолхалгIа
шо, ткъа исраилхойн паччахьо ХIушаIа
паччахьалла до уьссалгIа шо долуш, дIалаьцнера
Шамран-гIала. [11] Ашурхойн паччахьо исраилхой
Ашур-махка дIабигира. Хьалахь-гIалахь а, Хьабур-
хина йистехь йолчу Газун-гIалахь а, мадайхойн
гIаланашкахь а баха охьаховшийра цо уьш.
[12] И дерриге а хилира, исраилхоша шайн Везачу
Деле ла ца догIарна а, Цуьнца бина барт шаьш
бохорна а. Везачу Элан ялхо волчу Мусас шайна тIе
мел диллинчуьнга цара ла а ца дугIура, цуьнан
парзаш кхочуш а ца дора цара.

### Ашурхоша Ярушалаймана кхерам туьйсу
(2 Шерашкахь 32:1-19; ЕшаI-ЯхIу 36:1-22)

[13] Хьузакх-ЯхIус паччахьалла до дейтталгIа шо
долуш, Ашур-мехкан паччахьо Санхьариба, ЯхIуд-
мехкан массо а аьлла чIагIйинчу гIаланашна тIе а
гIоьртина, уьш дIалецира. [14] ЯхIудхойн паччахьо
Хьузакх-ЯхIус Лахиш-гIала ашурхойн паччахьна тIе
геланчаш бахийтира. Цо бохура: «Со бехке ву.
Iадвитахьа со. Ахьа бохху ял дIалур ю аса хьуна».
ТIаккха ашурхойн паччахьо яхIудхойн паччахьна
Хьузакх-ЯхIуна кхо бIе гали дети а, ткъе итт гали
деши а далар тIедожийра. [15] Цу тайпана Везачу
Элан цIа чохь а, паччахьан хазнашна чохь а мел
долу дети дIаделира Хьузакх-ЯхIус. [16] Везачу Элан
цIа чохь ша дIахIиттийначу дешин неIаршна тIера
а, неIарийн гураш тIера а деши, схьа а даьккхина,
Ашур-мехкан паччахьна дIаделира цо. [17] Ашурхойн
паччахьо Лахиш-гIалара шен тIеман коьрта
хьаькам а, шен паччахьан кертара коьрта эла а,
шен эскаран цхьа хьаькам а шен доккхачу эскарца
Хьузакх-ЯхIу-паччахьна тIе Ярушалайме
бахийтира. Уьш Ярушалайме дIакхечира. Схьа а
баьхкина, лакхарчу Iома чуьра хи охьадогIучохь,
наха хIуманаш юьттучу аренна тIебоьдучу
новкъахь, дIахIиттира уьш. [18] Цара паччахье
схьакхайкхира. Паччахьан цIахь хьаькам волу
Хьалкхи-ЯхIун кIант Элъякъим а, йозанча волу
Шибна а, хилларг дIаяздеш волу Асайпан кIант
Юахьи а, ара а ваьлла, царна тIевеара. [19] Ашурхойн
эскаран хьаькамо элира цаьрга: «Иштта дIаала
Хьузакх-ЯхIуга:
„Ашурхойн сийлахьчу паччахьо хоьтту хьоьга:
‘Хьан бIобулуш дерг хIун ду?’ [20] Ахь боху хьайн
говзалла а ю, тIеман ницкъ а бу, амма уьш даьсса
дешнаш ду. Ткъа хьанах ю хьан дегайовхо, хьо суна
дуьхьалваллал? [21] Кагъелла Iаса санна болчу оцу
Мисар-махкана тIетовжа ойла йолуш ву те хьо?
Шена тIе цхьаъ товжахь, иза куьйгах чекхъер ма ю!
Иштта ву шех тешна Iаш болчу массаьрца а Мисар-
мехкан паччахь волу пирIун.
[22] Я аша олу те: ‘Тхайн Везачу Делах тешна Iаш ду
тхо’? Делахь а Хьузакх-ЯхIус, цу Далла лерина сагIа
доккху гунаш а, шайна тIехь долу кхерчаш а дIа а
даьхна, ЯхIудан а, Ярушалайман а халкъе ма олура:
‘Ярушалаймехь болчу хIокху кхерчана хьалха бен
Iибадат ма де’. [23] Вало, сан олахо волчу ашурхойн
паччахьца берта гIо хьо. Аса ши эзар дин хьуна
белча а, царна тIе ховшо береш карор барий
хьуна? [24] Сан олахочун уггар кIезиг лоруш болчу
ялхойн цхьа тхьамда а юхаваккха муха гIерта хьо,
Мисар-махко хьайна тIеман гIудалкхаш яларх а,
дошлой бахкийтарх а тешна хьо Iаш хилча?
[25] Везачу Элан лаам ца хилча, кху лаьтта тIе вогIур
варий со иза хIаллакдан? Ша Везачу Эло элира
соьга: ‘Ваха а гIой, хIокху махкана тIе а латий, иза
хIаллакбе’“».
[26] Хьалкхи-ЯхIун кIанта Элъякъима а, Шибнас а,
Юахьис а эскаран хьаькаме элира: «Тхо арамхойн
маттах кхета, цундела тхоьца арамхойн мотт
бийца. Оцу пенна тIехь лаьтташ долчу халкъана а
хезаш, Iебархойн маттахь ма дийца тхоьца».
[27] Эскаран хьаькамо жоп делира: «Веккъа цхьана
хьан олахочунна тIе а, хьуна тIе а бен ваийтина-м
вац со сан олахочо хIара дешнаш дIаала? ХIан-хIан,
хIокху пенна тIе охьахевшина долчу, шуьца
цхьаьна шайн боьхалла а юур долчу а, шайн хьатI
муьйлур долчу а кху адамашка а дIаала веана со».
[28] ТIаккха эскаран хьаькамо, хьала а гIаьттина,
чIоггIачу озаца Iебархойн маттахь элира:
«ЛадогIалаш ашурхойн сийлахьчу паччахьан
дешнашка! [29] ХIара ду паччахьо бохург: „Хьузакх-
ЯхIуга шаьш ле ма дайта. Цуьнга сан карара шу
кIелхьардахалур дац. [30] ‘Везачу Эло вай кIелхьар а
дохур ду, и гIала Ашур-мехкан паччахьан кара а
йохуьйтур яц’ – бохуш, Везачу Элах а тешна, шаьш
Хьузакх-ЯхIуга ле ма дайта. [31] Ла ма догIа Хьузакх-
ЯхIуга! Ашурхойн паччахьо иштта боху: ‘Соьца
берта а гIой, суна тIедуьйла. Шух хIораммо а шен
долахь йолчу кемсийн таьлланга тIера а,
инжирийн дитташ тIера а стоьмаш доийла, иштта
хIораммо а шен долахь йолчу гIу чуьра хи а
молийла, [32] аса, ван а веана, шена тIехь кIа а,
чагIар а долуш, бепиг а, кемсийн бошмаш а йолуш,
*зайт-дитташ* а, моз а долуш, шун латта санна долчу
лаьтта тIе шаьш дIадиггалц. Цу тайпана шу дехар а
ду, лийр а дац. ‹Везачу Эло вай кIелхьардохур ду›, –
бохуш, шаьш ледеш волчу Хьузакх-ЯхIуга ла ма
догIа. [33] Ткъа кхечу къаьмнийн деланех цхьаммо а
шен мохк ашурхойн паччахьан куьйгах
кIелхьарбаьккхиний? [34] Мичахь бу Хьамат-гIалин а,
Арпад-гIалин а деланаш? Мичахь бу Сепарвайм а,
ХIинаI а, Iева олучу гIаланийн деланаш? Шамран-
гIала а кIелхьаръяьккхиний цуьнан деланаша сан
карара? [35] Оцу мехкийн мел болчу деланех
муьлхачо кIелхьарбаьккхина шен мохк сан

куьйгах? ТIаккха Везачу Эло Ярушалайм сан карара
схьайоккхур ю аьлла хетий шуна?“’»
36 Дуьхьал цхьа а дош ца олуш, дIатийна Iаш дара
халкъ, хIунда аьлча паччахьо омра динера: «Цунна
дуьхьал жоп ма ло», – аьлла. 37 ТIаккха паччахьан
цIийнан хьаькам волчу Хьалкхи-ЯхIун кIанта
Элъякъима а, йозанчо Шибнас а, хилларг дIаяздеш
волчу Асайпан кIанта Юахьис а, шайн тIехулара
бедарш а этIийна, Хьузакх-ЯхIуна тIе а баьхкина,
ашурхойн эскаран хьаькамо шайга аьлларг
дIадийцира.

### Паччахьо ЕшаI-ЯхIу-пайхамаре хьехам бар дехар
(ЕшаI-ЯхIу 37:1-7)

19 Шена и хабар ма-хеззи, шен тIехулара
бедарш а этIийна, сингаттаман духар тIе а
дуьйхина, Везачу Элан цIа долчу вахара Хьузакх-
ЯхIу. 2 Паччахьан цIийнан хьаькам Элъякъим а,
йозанча Шибна а, динан дайн тхьамданаш а,
сингаттаман духарш тIе а духийтина, Амосан
кIантана ЕшаI-ЯхIу-пайхамарна тIебахийтира цо.
3 Цара элира ЕшаI-ЯхIуга: «Иштта боху Хьузакх-
ЯхIус: „Сингаттаман а, таIзар даран а, эхь тIедаран
а де ду хIара, хIунда аьлча бер дуьнен чу доккхучу,
амма и бер дан ницкъ ца кхочучу зудчух тарделла
вай. 4 Цуьнан олахо волчу ашурхойн паччахьо
схьахьажийначу эскаран хьаькамо дийна волу
Дела емалвеш аьлла дешнаш хьан Везачу Далла
дIахаза тарло. Хьан Везачу Дала цунна таIзар дан
тарло, Шена дIахезна и дешнаш бахьана долуш.
Ткъа ахь дийна бисинчарах доIа дехьа“».
5 Хьузакх-ЯхIу-паччахьан ялхой шена тIе
баьхкича, 6 ЕшаI-ЯхIус цаьрга элира: «ДIаала шайн
паччахье, Везачу Эло иштта боху: „Ашурхойн
паччахьан ялхоша, Со емал а веш, аьллачу, хьайна
хезначу дешнех ма кхера. 7 Хьажалахь! Аса цунна
чу са дуьллуьйтур ду, тIаккха цхьа хаам а хезна, иза
шен махка юхавоьрзур ву. Ткъа Аса шен махкахь
туьраца хIаллаквийр ву иза“».

### Ашурхоша кхин цкъа а кхерам боуьйту
(ЕшаI-ЯхIу 37:8-20)

8 Ашурхойн паччахь Лахиш-гIалара дIавахна
аьлла шена хезча, и эскаран хьаькам
Ярушалаймера дIавахара. Цунна шен паччахь
Либна-гIалина дуьхьал тIом беш карийра. 9 ТIаккха
Санхьариб-паччахьна хезира, хушахойн паччахь
ТирхIакъа шена тIелата араваьлла аьлла. Иза а
хезна, цо геланчаш бахийтира яхIудхойн
паччахьна Хьузакх-ЯхIуна тIе, 10 цуьнга дIаала:
«Хьан Шех дегайовхо йолчу хьайн Деле хьо ле ма
вайта, Цо хьайга: „Ярушалайм ашурхойн
паччахьан кара дIалур яц“, – аьлча. 11 Хьуна-х ма
хезна, ашурхойн паччахьаша массо а мехкашна
хIун дина, уьш хIаллак а деш? Ткъа хьо
кIелхьарвоккхур ву ткъа? 12 Сан дайша
хIаллакдинчу къаьмнийн деланаша уьш
кIелхьарбаьхний? Газун а, ХIаран а, Рацап а
гIаланашкара а, Тилассар-махкахь йолчу Iеданера
а бахархой кIелхьарбаьхний цара? 13 Мичахь бу
Хьамат а, Арпад а, Сепарвайм а, ХIинаI а, Iева а
цIераш йолчу гIаланийн паччахьаш?»
14 Хьузакх-ЯхIус, геланчашкара кехат схьа а эцна,
дийшира. ТIаккха, Везачу Элан цIийне а вахана,
Далла хьалха и кехат схьадаржийра цо. 15 †Везачу
Элана хьалха доIа а деш, Хьузакх-ЯхIус элира:
«Каруб-маликашна тIехула йолчу Iаршна тIехь
охьахиъна Iаш волу, Исраилан халкъан Веза Дела!
Дуьнен чуьра массо а пачхьалкхийн Дела Хьо
цхьаъ ву. Ахь кхоьллина стигал а, латта а. 16 Хьайн
лерг тIе а дай, ладогIахьа, Веза Эла, Хьайн
бIаьргаш схьа а беллий, хьажахьа, Веза Эла.
ЛадогIахьа Санхьариба, дийна Дела волу Хьо
емалвеш, дуьйцучуьнга. 17 Ва Веза Эла, бакъ ду-кх
ашурхойн паччахьаша, и халкъаш хIаллак а деш,
церан латтанаш а дассийна, 18 церан *цIу-деланаш*
цIерга кхиссина. Ткъа уьш-м деланаш а боцуш,
адамийн куьйгаша дечигах а, тIулгах а дина
суьрташ дара, цундела уьш хIаллакдан тарлора.
19 Ткъа хIинца, тхан Веза Дела, кIелхьардахахьа тхо
цу паччахьан куьйгех, тIаккха дуьнен чуьра массо а
пачхьалкхашна хуур дара, Веза Эла волу Хьо
воцург, кхин Дела воцийла».

### ЕшаI-ЯхIугахула Дала делла жоп
(ЕшаI-ЯхIу 37:21-38)

20 Амосан кIанта ЕшаI-ЯхIус Хьузакх-ЯхIуга хабар
дахьийтира: «Иштта боху Исраилан халкъан Везачу
Дала: „Ахьа Соьга ашурхойн паччахьна дуьхьал
дина доIа хезна Суна. 21 ХIара ду Веза Эла волчу Аса
цунна дуьхьал олу дош:
‘Емалъеш, йоьлур ю хьох Цийонан йоIстаг,
Ярушалайман йоIа хьуна тIаьхьа цаяшарца куьг
тосур ду.
22 Мила ву ахь емалвинарг а, сийсазвинарг а?
Хьанна дуьхьал аз айдина ахь,
Хьанах ца вешаш хьайн бIаьргаш хьалаайина?
Исраилан Везачу Далла иштта дуьхьалваьлла-кх!
23 Веза Эла емал а веш,
хьайн геланчашкахула ахьа бохура:
‹Сайн дуккха а йолчу гIудалкхашца
ломан лакхенашка хьалаваьлла со,
Ливанунан уггар лакхарчу регIа тIе.
Цуьнан уггар а лекха баганан дитташ а,
тоьлла долу зоьзан дитташ а хедийна аса.
Цуьнан уггар а генарчу меттигашка а,
хьаннашна юкъахь къаьсттина юькъа йолчу
хьуьнах а кхаьчна со.
24 Хийрачу мехкашкахь гIунаш схьа а йостуш,
царна чуьра хи мийлина аса.
Сайн когийн айрашца Мисар-махкара
дерриг а хиш лакъийна аса›.
25 Ас дуккха а хьалха и дерриг а дагатесна хилар
хьуна ца хезна те?
Ширачу заманахь дуьйна цунах ойла а йина,

† 19:15 *Арадаккхар 25:22.*

хIинца иза Аса кхочушдина,
чIагIйина гIаланаш хьоьгахула ясса а йойтуш,
царах къапалгийн саьлнаш а йойтуш.
26 Цу гIаланийн бахархой ницкъ а байна хилла,
кхерамна бега а беш, царна тIе эхь деана.
Арара буц я экам зIийдагаш санна бу уьш.
Тхов тIехь хьалабаьлла бай санна бу уьш,
кхиале берриг а марца а мерцина,
малхбалера хьоькху бовха мох бахьана долуш.
27 Амма Суна хаьа хьо охьахиъча а,
араваьлча а, чуваьлча а.
Суна евза хьан Сайна дуьхьал йолу дералла а.
28 Хьан Суна дуьхьал дералла хиларна а,
хьан цавашар Сан лере кхачарна а,
хьан мерIуьргех Сайн чIуг а чеккхйоккхур ю,
хьан бага Сайн дуьрстанан гаьллаш а йохкур ю
Аса.
Хьо схьавеанчу новкъахула
юха а верзор ву Аса"'.
29 ХIара билгало ло Ас хьуна, Хьузакх-ЯхIу: кху
шарахь охьаэгначу ялтин хIух кхиъна долу ялта,
иштта тIедогIучу шарахь ша тIедаьлларг а дуур ду
аша. Ткъа кхоалгIачу шарахь ялта дIа а дей, иза чу
а дерзаде, кемсийн бошмаш а дIае, церан стоьмаш
а баа. 30 ЯхIудан цIийнах дийна висинчо юха а
лахахь орамаш а хоьцур ду, лакхахь стом а лур бу.
31 ХIунда аьлча Ярушалаймера схьабогIур бу дийна
биснарш а, Цийон-ломара богIур бу шаьш
кIелхьарбевлларш а. Иза массо а ницкъийн Везачу
Делан хьагI йоцучу эмгаралло кхочушдийр ду.
32 Цундела ашурхойн паччахьах лаьцна Везачу
Эло иштта боху: „Иза цу гIали чу а вер вац, цу чу цо
ур-атталла цхьа пха а кхуссур бац. Карахь *турс*
долуш гIалина тIе а вогIур вац иза, цунна гонах
баьрзнаш а дийр дац цо. 33 Ша схьавеанчу
новкъахула юхавоьрзур ву иза, амма цу гIали чу
вогIур вац, – боху Ас, Везачу Эло. – 34 Аса ларйийр ю
хIара гIала, Сайн дуьхьа а, Сайн ялхочун Даудан
дуьхьа а кIелхьар а йоккхур ю иза"».
35 Цу буьйсанна хIара хилира: Везачу Элан
Малико, дIа а дахана, Ашурхойн эскаран
меттаматтара цхьа бIе везткъе пхи эзар стаг
хIаллаквира. Дийна бисина болу ашурхой
Iуьйранна хьалагIевттича, царна лаьттахь Iохку
декъий гира. 36 Ашурхойн паччахь Санхьариб, юха
а ваьлла, Нунав-гIала веара. Цигахь иза сецира.
37 Шен дела волчу Нисрухан цIа чохь Iибадат дечу
хенахь, цуьнан кIенташа Адир-Малика а, Шар-
Эцара а, тур а тоьхна, вийра иза. Юха и шиъ
Арарат-махка дIаведира. ТIаккха Санхьарибан
метта паччахь дIахIоьттира цуьнан кхин кIант
Эсар-Хьадун.

### Хьузакх-ЯхIу-паччахь цомгуш хилар а, товалар а
(ЕшаI-ЯхIу 38:1-8, 21, 22; 2 Шерашкахь 32:24-26)

20 Цу деношкахь Хьузакх-ЯхIу, цомгуш а хилла,
валарна гергакхаьчнера. Амосан кIант волчу
ЕшаI-ЯхIу-пайхамаро, иза волчу а веана, элира
цуьнга: «Иштта боху Везачу Эло: „Хьайн цIентIехь
болчаьрга весет де, хIунда аьлча, цомгуш волчуьра
то а ца луш, хьо лийр ву"».
2 Юьхь пенехьа дIа а ерзийна, Везачу Эле иштта
доIа дира Хьузакх-ЯхIус: 3 «Ва, Веза Эла!
Дагадаийтахьа со Хьуна тешаме а волуш, доггах
тIевирзина а хуьлуш, Хьайна хьалха лелар. Ас
гуттар а Хьуна нийса хеташ дерг леладора». ТIаккха
къаьхьа вилхира Хьузакх-ЯхIу.
4 ЕшаI-ЯхIу паччахьан цIийнан юккъерачу
кертара ара а валале, Везачу Элан дош кхечира
цуьнга: 5 «Юха а верзий, Сан халкъан олахочуьнга
Хьузакх-ЯхIуга ала: „Иштта боху хьо схьаваьллачу
Даудан Дела волчу Везачу Эло: 'Суна хьан доIа а
хези, хьан бIаьрхиш а ги. Аса хьо товийр ву.
КхоалгIачу дийнахь Везачу Элан цIийне гIур ву хьо.
6 Ас хьан дахарна пхийтта шо хан тIетухур ю.
Ашурхойн паччахьан куьйгах хьо а, хIара гIала а
кIелхьарйоккхур ю Аса. Сайн дуьхьа а, Сайн ялхо
волчу Даудан дуьхьа а ларйийр ю Аса хIара гIала'"».
7 ЕшаI-ЯхIус элира: «Iаьвдина инжирийн курс
схьаэца». Iаьвдина инжирийн курс схьа а эцна, иза
оцу ноткъа ечу меттигна тIейиллира цара. ТIаккха
паччахь товелира. 8 Хьузакх-ЯхIус ЕшаI-ЯхIуга
хаьттира: «ХIун билгало хир ю, Везачу Эло со то а
вина, кхоалгIачу дийнахь со Везачу Элан цIийне
гIур ву аларан?»
9 ЕшаI-ЯхIус жоп делира: «Везачу Эло Ша аьлларг
кхочушдийриг хиларан билгало хIара хир ю: лами
тIера IиндагI итт тIегIанна хьалхадаккха я
юхадаккха лаьа хьуна?»
10 Хьузакх-ЯхIус элира: «IиндагIана атта хир ду итт
тIегIанна хьалхадала. ХIан-хIа, лами тIера IиндагI
итт тIегIанна юхадалийта».
11 ЕшаI-ЯхIу Везачу Эле кхайкхира. Ткъа Везачу
Эло Ахьаз-паччахьан лами тIера IиндагI ша
тIедаханчу итт тIегIанна юхадаккхийтира.

### Бавел-махкара болу геланчаш
(ЕшаI-ЯхIу 39:1-8)

12 Цу хенахь Бавел-мехкан паччахь волчу Балу-
Адданан кIанта Мардух-Балу-Адданана кехаташ а,
совгIат а дахьийтира Хьузакх-ЯхIуна, иза цомгуш ву
аьлла, шена хезна дела. 13 Геланчаш тIе а эцна,
Хьузакх-ЯхIус царна гайтира шен чIоь-цIа † чохь
мел дерг – дети а, деши а, хаза хьожа йогIу
хIуманаш а, деза хьакхарш а – герз чохь долу цIа а,
шен хазнашкахь мел дерг а. Хьузакх-ЯхIус шен
паччахьан цIа чохь а, шен массо а пачхьалкхехь а
царна гайтаза хIумма а ца дитира. 14 Юха ЕшаI-ЯхIу-
пайхамаро, Хьузакх-ЯхIу-паччахь волчу а веана,
хаьттира цуьнга: «ХIун бохура оцу наха? Мичара
баьхкинера уьш?»
Хьузакх-ЯхIус жоп делира: «Уьш генарчу махкара
баьхкинера, Бавелера», – аьлла.

---

† *ЧIоь-цIа *– иза тIаьхьалонна йолу хIума дIаюьллуш долу цIа ду.**

[15] «Хьан цӀа чуьра хӀун гира царна?» – аьлла,
хьаьттира ЕшаӀ-ЯхӀус.
«Сан цӀахь мел долу хӀума а гира царна. Сан
хазнаш чохь хӀумма а ца йисна ас царна гайтаза», –
элира Хьузакх-ЯхӀус.
[16] ТӀаккха ЕшаӀ-ЯхӀус элира Хьузакх-ЯхӀуга:
«ЛадогӀа, Везачу Эло хӀун боху: [17] †„Цхьа хан йогӀур
ю, хьан цӀа чохь мел дерг а, хьан дайша кху дийне
кхаччалц гулдинарг а Бавеле дӀахьош. ХӀумма а
бухадуьсур дац“, – боху Везачу Эло. [18] ††Хьа
байтина болчу, хьох схьабевллачу хьан кӀентех
цхьаберш а дӀабуьгур бу. Бавелан паччахьан цӀахь
баьӀна ялхой бийр бу царах».
[19] Хьузакх-ЯхӀус жоп делира: «Ахь Везачу Элера
беана хаам дика бу». Амма шен дагахь цо ойла
йира: «Сан дахаран деношкахь машар а, синтем а
хир бу» – бохуш.

### Хьузакх-ЯхӀун паччахьаллин чаккхе
(2 Шерашкахь 32:32, 33)

[20] Хьузакх-ЯхӀун кхидолчу гӀуллакхех лаьцна –
цуьнан майрачу гӀуллакхех а, цо бинчу хи латтош
болчу Ӏомах а, цо лаьтта кӀелхула гӀали чу хи далош
аьхкинчу саьнгарх а лаьцна – дӀаяздина ду
*ЯхӀудхойн паччахьийн тептар* тӀехь. [21] Хьузакх-ЯхӀу
а, дӀа а кхелхина, шен дайх дӀакхийтира. Хьузакх-
ЯхӀун метта паччахь хилла дӀахӀоьттира цуьнан
кӀант Маннаш.

### ЯхӀудхойн паччахь волу Маннаш
(2 Шерашкахь 33:1-20)

21 Маннашан шийтта шо хилла, иза паччахь
дӀахӀоьттича. Ярушалаймехь Ӏаш а волуш, цо
шовзткъе пхийтта шарахь паччахьалла дира.
Цуьнан ненан цӀе Хьапцаби яра. [2] ‡Везачу Эло
исраилхошна юкъара дӀалелхийначу къаьмнаша
мел лелийна дегаза гӀуллакхаш а леладеш, Везачу
Элана зуламе хеташ долу гӀуллакхаш леладора
Маннаша. [3] Шен дас Хьузакх-ЯхӀус дохийна
дӀадаьхна долу сагӀа доккху гунаш
юхаметтахӀиттийра цо. Иштта цо, исраилхойн
паччахь волчу Ахьаба санна, БаӀална сагӀа доккху
меттигаш а кечйора, Ашерана лерина болу
дечиган бӀогӀам а дӀахӀоттабора. Цо стигалшкахь
мел болчу ницкъашна, суждане а оьхуш, Ӏибадат
дора. [4] ‡†Везачу Элан цӀа чохь а цӀушна сагӀа доккху
кхерчаш дӀахӀиттийра Маннаша, оцу цӀийнах
лаьцна «Ярушалайм-гӀалахь Сайн цӀе абаденна
язъяйта лаьа Суна» – Везачу Эло аьлла доллушехь
а. [5] Везачу Элан цӀийнан шинна а кертахь
стигалшкахь мел болчу ницкъашна сагӀа доккху
кхерчаш дӀахӀиттийра цо. [6] Маннаша шен кӀант
цӀерах чекхвоккхуьйтура. Иштта бозбунчаллаш а
леладора, пал а туьйсура, беллачийн синош
тӀедоьхуш болчарах а, жинашца тайначарах а
дагаволура. Цу тайпана, Веза Эла оьгӀаз а
вохуьйтуш, Цунна зуламе хеташ долу дуккха а
гӀуллакхаш леладора цо. [7] ‡‡Ашера-харцдалла
лерина ша бина дечиган бӀогӀам, схьа а эцна,
*Делан цӀа* чохь дӀахӀоттийра Маннаша, цунах
лаьцна Везачу Эло Дауде а, цуьнан кӀанте Сулиме а
иштта аьлла доллушехь: «Ярушалайм-гӀалахь –
исраилхойн шийтта тайпанан латтанашна юкъара
Айса хаьржина йолчу меттигехь – хӀокху Сайн цӀа
чохь Сайн цӀе язъяйта лаьа Суна гуттаренна а.
[8] Нагахь санна Аса царна мел тӀедиллинарг – Сан
ялхо волчу Мусас царна тӀедиллина берриг а
*товрат-хьехам* – цара леррина кхочушбахь, Айса
церан дайшна деллачу лаьтта тӀера исраилхойн
когаш кхин цкъа а дӀабуьгуьйтур бац». [9] Амма цара
ла ца дуьйгӀира Цуьнга. Маннаша харц некъа тӀе
бехира уьш: Везачу Эло, исраилхошна хьалхара дӀа
а даьхна, хӀаллакдинчу кхечу къаьмнаша
лелийначул а сов зуламаш леладора цара.
[10] Иштта, Шен ялхой болчу пайхамаршкахула
Везачу Эло элира: [11] «ЯхӀудхойн паччахьо Маннаша
дегаза долу къинош летийнера. Шел хьалха
хиллачу эмархоша лелийначул а сов зуламаш
леладора цо, ткъа шен цӀушца яхӀудхошка къинош
летадайтира цо. [12] Цундела иштта боху исраилхойн
Веза Дела волчу Аса: хӀинца Аса бохам тӀебоуьйтур
бу Ярушалаймана а, ЯхӀудан халкъана а, оцу
бохамах лаьцна мел хезнарг, кхерам а тесна, дегӀах
зуз даллал цец а воккхуш. [13] Айса Шамран-гӀалина
дуьхьал лелийна терза а, Ахьаб-паччахьан цӀенна
охьайиллина санисбийриг а Ярушалайм-гӀалина а
дуьхьалйоккхур ю Аса. Адамо, цӀан а йина, Ӏункар
хӀоттош йолу пхьегӀа санна, цӀанйийр ю Аса
Ярушалайм. [14] Аса Сайн долахь долчу халкъах
бисинарш буьтур бу, уьш мостагӀийн кара дӀа а лур
бу. ХӀонс санна хир ду и адамаш церан
мостагӀашна. [15] Иза Аса дийр ду, цара, Суна зуламе
хеташ долу гӀуллакхаш а деш, шайн дай Мисар-
махкара арабевллачу дийнахь дуьйна хӀинццалц
схьа Со оьгӀазъэхийтарна».
[16] Иштта, Маннаша яхӀудхошка къа латадайтира,
ткъа цундела цара Везачу Элана зуламе хеташ долу
гӀуллакхаш леладора. Цул сов, Маннаша, бехке
боцучеран цӀий а Ӏанош, Ярушалайм-гӀала цхьана
йистера вукху йисте кхаччалц цӀийх юьзира.
[17] Маннашан кхидолчу гӀуллакхех лаьцна – цо мел
динчух а, цо летийначу къинойх а лаьцна – яздина
ду *ЯхӀудхойн паччахьийн тептар* тӀехь. [18] ТӀаккха
Маннаш, дӀа а кхелхина, шен дайх дӀакхийтира.
Иза шен паччахьан цӀерачу бешахь дӀавоьллира. И
беш Ӏузин беш яра. Маннашан метта паччахь
дӀахӀоьттира цуьнан кӀант Амин.

### ЯхӀудхойн паччахь Амин
(2 Шерашкахь 33:21-25)

[19] Аминан ткъе ши шо хилла, иза паччахь
дӀахӀоьттича. Ярушалаймехь Ӏаш а волуш, цо шина

† 20:17 ТӀаьххьарнаш 24:13; 2 Шерашкахь 36:10. †† 20:18 ТӀаьххьарнаш 24:14, 15; Даниал 1:1-7. ‡ 21:2 Ярми-ЯхӀу 15:4. ‡† 21:4 Дауд 7:13.

‡‡ 21:7, 8 Сулим 9:3-5; 2 Шерашкахь 7:12-18.

шарахь паччахьалла дира. Цуьнан ненан цӀе
Машулимат яра. Иза Ютберачу Хьаруцин йоӀ яра.
20 Шен дас Маннаша санна, Везачу Элана зуламе
хеташ долу гӀуллакхаш леладора Ӏаммина а.
21 Ӏаммин а хилла, шен да ваьхна ма-хиллара,
вехаш. Цо а шен дас Маннаша Ӏибадат дина
хиллачу цӀушна Ӏамал йора, царна хьалха суждане
а воьдуш. 22 Шен дайн Дела волу Веза Эла витира
Ӏаммина. Везачу Элан некъаца ца лелара иза.
23 Аминан ялхоша, ямартлонца цунна дуьхьал
барт а бина, шен паччахьан цӀахь иза вийра.
24 ТӀаккха цу махкарчу халкъо Амин-паччахьна
дуьхьал ямартлонца барт бинарш берриш а
хӀаллакбира. Цара Аминан метта цуьнан кӀант
Юши-ЯхӀу, паччахь а вина, дӀахӀоттийра.
25 Аминан кхидолчу гӀуллакхех лаьцна – цо мел
динчух лаьцна – яздина ду *ЯхӀудхойн паччахьийн
тептар* тӀехь. 26 Ӏаммин Ӏузин бешахь йолчу шен
къубби чохь дӀавоьллира. Ӏамминан метта паччахь
дӀахӀоьттира цуьнан кӀант Юши-ЯхӀу.

### ЯхӀудхойн паччахь Юши-ЯхӀу
(2 Шерашкахь 34:1, 2)

22 †Юши-ЯхӀун бархӀ шо хилла иза паччахь
дӀахӀуттучу хенахь. Ярушалаймехь Ӏаш а
волуш, цо ткъе цхьайтта шарахь паччахьалла
дира. Цуьнан ненан цӀе Ядидат яра. Иза Боцкхат-
гӀаларчу Ӏади-ЯхӀун йоӀ яра. 2 Юши-ЯхӀус Везачу
Элана нийса хеташ дерг леладора. Массо а
хӀуманна тӀехь ша схьаваьлла волу Дауд-паччахь
леллачу новкъахула лелара Юши-ЯхӀу. Цу некъа
тӀера я аьтту, я аьрру агӀор дӀа ца ваьлла иза.

### Товрат-хьехамийн тептар карор
(2 Шерашкахь 34:8-28)

3 Юши-ЯхӀу-паччахьо олалла деш долу
берхӀитталгӀа шо долуш, шен йозанча волу
Машулиман кӀентан Ацал-ЯхӀун кӀант Шапани
вахийтира цо Везачу Элан цӀийне. Паччахьо элира:
4 «Динан коьртачу дена Хьалкхи-ЯхӀуна тӀе а гӀой,
Везачу Элан цӀийнан кевнехь лаьтташ болчу
гӀаролхоша нахера схьагулдинчу ахчанан хьесап
дайта цуьнга. 5 И ахча Везачу Элан цӀенна тӀехь
болх беш болчу белхалошна тӀехьовсучу нехан
кара дӀадала деза. Ткъа цара дӀадекъа деза и ахча
Везачу Элан цӀа тодеш болчарна: 6 дечиг
пхьерашна а, гӀишло ечарна а, пенаш дуттучарна
а. Иштта дечиг а, хьаькхна тӀулгаш а схьаэцийта
цаьрга, Везачу Элан цӀа тодархьама. 7 ††Шаьш оцу
белхалошна дӀалуш долчу ахчанан хьесап а ма де,
хӀунда аьлча царах теша мегар ду».
8 *Динан да* волчу Хьалкхи-ЯхӀус йозанче
Шапанига элира: «Суна товрат-хьехамийн тептар
карийна Везачу Элан цӀа чохь». Хьалкхи-ЯхӀус и
тептар Шапанига делира, ткъа вукхо иза
дӀадийшира. 9 Йозанча Шапани паччахь волчу
юхавеара, цуьнга хаам а беш. Цо элира: «Хьан
ялхоша, Везачу Элан цӀенна хьалха долу ахча, схьа
а эцна, *Делан цӀа* тодеш белхаш беш болчарна
тӀехьожуш болчийн кара дӀаделла». 10 ТӀаккха
йозанчо Шапанис элира: «Динан дас Хьалкхи-ЯхӀус
тептар делла соьга». Шапанис и тептар паччахьна
хьалха дийшира.
11 Товрат-хьехамийн тептар тӀера дешнаш шена
дӀахезча, паччахьо шен тӀехулара бедар этӀийра.
12 ТӀаккха паччахьо, динан дена Хьалкхи-ЯхӀуна а,
Шапанин кӀантана Ахьикхамина а, Мика-ЯхӀун
кӀантана Ӏахбарна а, йозанчина Шапанина а,
паччахьан ялхочунна Ӏаси-ЯхӀуна а тӀе а дуьллуш,
элира: 13 «Даха а гӀой, сан дуьхьа а, берриге а
яхӀудхойн дуьхьа а оцу карийначу тептар тӀехь
долчух лаьцна Везачу Элах дагадовла. Везачу Элан
дералла вайна тӀехь чӀагӀъелла, вайн дайша хӀокху
тептаран дешнашка ла ца дуьйгӀина дела. Вайх
лаьцна цигахь мел яздинчуьнга хьаьжжина, лело
дезарг лела ма ца дора цара».
14 ТӀаккха динан да Хьалкхи-ЯхӀу а, Ахьикхам а,
Ӏахбар а, Шапани а, Ӏаси-ЯхӀу а Ярушалайман
шолгӀачу декъахь Ӏаш йолчу а, шегахь Делера болу
хаам беш йолчу а Хьулдатана тӀебахара. (Цуьнан
майра вара Хьархьасан кӀентан Тикхавин кӀант
волу Шалум, ткъа иза духарийн цӀенна тӀехь
куьйгалхо вара.) Цара цуьнца къамел дира.
15 Хьулдата цаьрга элира: «ХӀара боху исраилхойн
Везачу Дала: „Шаьш Суна тӀехьажийначу стаге
хӀара дӀаала: 16 ‘Иштта боху Везачу Эло: ‹Аса бохам
боуьйтур бу кху меттигна а, кхуьнан бахархошна а
тӀе, яхӀудхойн паччахьо дешна долчу тептар тӀера
дерриг а дешнаш тӀехь ма-хиллара. 17 Со дӀа а
тесна, *хаза хьожа йогӀу хӀума* кхечу деланашна а
ягош, шаьш мел лелочу хӀуманца Со дарвеш шу
леларна, Сан оьгӀазло хир ю кху меттигна тӀехь,
дӀайовр йоцу алу санна›’. 18 Веза Эла волчу Сох
дагавалийта аьлла шаьш схьахьажийначу
яхӀудхойн паччахье аша дӀаала: ‘Иштта боху
исраилхойн Везачу Дала хьуна хезначу дешнех
лаьцна: 19 Аса кху меттигна а, кхуьнан бахархошна
а дуьхьал аьлла дешнаш хьайна дӀа а хезна, хьан
дог кӀад а луш, Суна хьалха ахь хьо лахварна а,
хьайн тӀехулара бедар этӀа а йина, Суна хьалха хьо
велхарна а, Суна хьо дӀахезна, – боху Везачу Эло. –
20 И бахьанехь хьо, синтемца дӀа а кхелхина, хьайн
дайшна тӀевохуьйтур ву Аса, ткъа хьо хьайн къубби
чу охьавуьллур ву. Хьан бӀаьргашна гур бац Аса кху
меттигна тӀебоуьйтур болу и массо а бохамаш’“».
Паччахьна тӀедаьхьира и жоп.

### Юши-ЯхӀус кхечу деланашна Ӏамалъяр дӀадаккхар
(2 Шерашкахь 34:3-7, 29-33)

23 Юши-ЯхӀу-паччахьо ЯхӀуд-мехкан а,
Ярушалайм-гӀалин а берриге а къаной
схьагулбайтира. 2 Паччахь Везачу Элан цӀийнан
керта вахара. Цуьнца цхьаьна цига дахара ЯхӀуд-
мехкан дерриге халкъ а, Ярушалайман берриге
бахархой а, динан дай а, пайхамарш а, доллу халкъ

† *22:1 Ярми-ЯхӀу 3:6.* †† *22:7 ТӀаьххьарнаш 12:15.*

а, уггаре ладаме доцучу адамашкара дуьйна уггаре
лараме долчу адамашна тIекхаччалц. ТIаккха
паччахьо Везачу Элан цIенна уллохь карийначу
Дала бинчу бертан тептар тIера дерриге а дешнаш
дIадийшира, уьш цигахь лаьтташ долчу массо
халкъана дIа а хозуьйтуш. 3 БIогIамна юххе а
хIоьттина, паччахьо Везачу Элана хьалха Цуьнца
бина болу барт карлабаьккхира – цо дош делира
Везачу Элана тIаьхьахIотта а, шен доллучу даггара,
доллучу синца Цуьнан весеташ а, бакъонаш а,
парзаш а лардан а, оцу бертан тептар тIера
дешнаш кхочуш а деш. ТIаккха дерриге а халкъо
чIагIо йира и барт кхочушбан.
4 †ТIаккха Юши-ЯхIу-паччахьо омра дира, динан
коьртачу дега а, вукху динан дайшка а, Везачу Элан
цIийнан кертарчу гIаролашка а, оцу кертахь *цIу-*
*деланашка* БаIална а, Ашерана а, стигалшкахь мел
болчу ницкъашна а Iамал еш дIахIоттийна мел
йолу хIума араяккха аьлла. Юши-ЯхIу-паччахьо и
ерриг хIуманаш Ярушалайм-гIалина арахьа йолчу
Кхидрун-тогIи чохь ягаяйтира, ткъа уьш ягийча
бисина болу чим Бетал-гIала дIабаьхьира.
5 ЯхIудхойн паччахьаша къобалбинера динан дай,
ткъа цара *хаза хьожа йогIу хIума* ягайора БаIал-
харцдалла а, малхана а, баттана а, седарчашна а,
стигалшкахь мел болчу ницкъашна а. Юши-ЯхIу-
паччахьо дIабехира ЯхIуд-мехкан массо гIаланийн
а, Ярушалайм-гIалина гонах мел йолчу меттигийн а
сагIа доккхучу гунашкахь хаза хьожа йогIу хIума
яго яхIудхойн паччахьаша къобалбина мел болу и
харц динан дай. 6 Везачу Элан цIийнан кертахь
Ашера-цIунна боьгIна болу бIогIам Юши-ЯхIу-
паччахьо арабаккхийтира. Ярушалайм-гIалара ара
а баьккхина, Кхидрун-тогIи чохь багийра иза. Ткъа
йисинчу хIуманех чим бина, иза цIеяхана
боцучеран къуббанашна тIехула
дIасабаржабайтира цо. 7 Цул тIаьхьа Юши-ЯхIу-
паччахьо Везачу Элан цIийнан кертахь лаьтташ
болчу цIуйн дуьхьа сийсаза лелаш болчу «безачу»
божарийн цIенош дохадайтира. (Цигахь Ашера-
цIунна Iамал ечу хенахь тIеюхуш йолу бедарш
юцура зударша.) 8 Юши-ЯхIу-паччахьо массо динан
дай, ЯхIуд-махкара ара а баьхна, Ярушалайм-гIали
чубехира. Берриге а ЯхIуд-махкахь – ГибаI-гIалара
дуьйна Беар-ШабаI-гIала кхаччалц – динан дайша
тIехь хаза хьожа йогIу хIума ягийна меттигаш
бехъяйтира цо. Юши-ЯхIу-паччахьо иштта гIалин
кевнна уллохь болчу газа-цIушна лерина болу сагIа
доккху гу бохабайтира. ГIалин хьаькам хиллачу
ЮшаIан кевнехь чуволлучохь, гIалин кевнан аьрру
агIор, бара и гу. 9 Ткъа, хьалха цIушна Iамалъеш
хиларна, оцу динан дайшна Ярушалайм-гIалахь
Везачу Элана хIоттийначу сагIа доккхучу кхерчана
тIехь сагIа даккха ца магадора. Делахь а вукху
динан дайшца цхьаьна совсаза бепиг даа
магийтина дара царна.

† 23:4-6 Сулим 21:3; 2 Шерашкахь 33:3.

10 ††Юши-ЯхIу-паччахьо сийсазъяьккхира Бен-
ХIинам-тогIи чохь йолу Тупат олу меттиг, цхьана а
стаге кхин цкъа а шен кIант я йоI цигахь *Мулка-*
*цIунна* лерина цIерах чекх ца бахийтархьама.
11 ДIаяханчу заманахь яхIудхойн паччахьаша
говраш а, гIудалкхаш а хIиттайора Везачу Элан
цIийнан керта чу воллучохь, паччахьан кертара
куьйгалхо волчу Ната-Маликан цIенна юххехь.
Малхан далла къобалйинера и говраш а,
гIудалкхаш а. Юши-ЯхIу-паччахьо и говраш цигара
дIаяхийтира, ткъа гIудалкхаш ягаяйтира. 12 ‡Яханчу
заманахь яхIудхойн паччахьаша Ахьазан цIенойн
тIехула долчу цIийнан тхов тIе тIулгех сагIа доккху
меттиг кечйинера. Иштта Маннаш-паччахьо а
Везачу Элан цIийнан шинна а кертахь сагIа доккху
меттигаш кечйинера. Ткъа Юши-ЯхIу-паччахьо и
ерриге сагIа доккху меттигаш йоха а яйтина,
йисина къапалгаш Кхидрун-тогIи чу кхиссийтира.
13 ‡†Ярушалайм-гIалина малхбалехь болу а,
ХIаллакдаран ломана ‡‡ къилбехь болу а сагIа
доккху гунаш а сийсаздехира Юши-ЯхIу-паччахьо.
И гунаш исраилхойн паччахь волчу Сулима
дIахIиттийнера цIаданхоша Iамал еш йолчу
дегазчу *Iаштарт-цIунна* а, муабахоша Iамал еш
волчу боьхачу Камош-цIунна а, Iамминхоша Iамал
еш волчу дегазчу МилкIом-цIунна ‡‡† а лерина.
14 Юши-ЯхIу-паччахьо дохадайтира харцделанашна
хIиттийна тIулгаш а, дIадахийтира Ашера-
харцдалла лерина долу дечиган бIогIамаш а. Ткъа
и меттигаш беллачийн даьIахкех юьзира.
15 ‡‡‡Иштта кхин а Юши-ЯхIу-паччахьо бохийна
дIабаьккхира Бетал-гIалахь болу *сагIа доккху кхерч*.
Исраилхошка къинош летадайтинчу НабатIан
кIанта ЯрбаIама цигахь, сагIа доккхучу гу тIехь,
дIахIоттийна хилла и кхерч. Цигахь мел йолу хIума
ягийна дIаяккхийтира цо, Ашера-харцдалла лерина
болу бIогIам а тIехь. Йисина хIуманаш ата а аьтта,
царах чан яйтира паччахьо. 16 §Юши-ЯхIу-
паччахьна, дIахьаьжча, оцу лома тIехь къуббанаш
гира. Цо, нах а бахийтина, цигара даьIахкаш
схьаяийтира. ТIаккха и даьIахкаш оцу сагIа
доккхучу кхерча тIехь ягаяйтира, и кхерч
сийсазбаккхархьама. Иштта кхочушхилира §†
Везачу Элан дош. Делан стага хаам бинера, иштта
хир ду аьлла, ЯрбаIам-паччахь дезачу деношкахь
кхерчана хьалха лаьттачу хенахь. Юши-ЯхIу-
паччахьна, дIахьаьжча, и гIуллакх хир ду аьллачу
пайхамаран къубба гира. 17 §††Цо хаьттира: «И хIун
чурт ду суна гуш дерг?»

†† *23:10 а: Ярми-ЯхIу 7:31; 19:1-6; 32:35; б: Iамалъяр 18:21.*
‡ *23:12 ТIаьххьарнаш 21:5; 2 Шерашкахь 33:5.* ‡† *23:13
Сулим 11:7.* ‡‡ *ХIаллакдаран лам *– иза «Зайт-диттийн ломан»
кхин цIе ю, иза емалъеш олуш йолу.** ‡‡† *МилкIом-цIу *– я
иштта: *Мулка-цIу.** ‡‡‡ *23:15 Сулим 12:33.* § *23:16 Сулим
13:2.* §† *Иштта кхочушхилира... къубба гира *– иштта
тIетоьхна ду ширачу грекийн гочдар тIехь. Iебархойн тептар
тIехь цу дешнийн метта иштта дIаяздина ду: *Везачу Эло Делан
стагехула хир ду ма-аллара, кхочушдира Юши-ЯхIу-паччахьо и
дерриг а.** §†† *23:17 Сулим 13:30-32.*

Цу гӀаларчу бахархоша жоп делира цуьнга:
«ЯхӀуд-махкара вогӀуш хиллачу Делан стеган
къубба ю иза. Ткъа цо яханчу заманахь ахьа хӀинца
Бетал-гӀалин сагӀа доккхучу кхерчана дуьхьал
динарг аьллера».
18 Юши-ЯхӀу-паччахьо элира: «Меттах ма ваккха
иза, цуьнан даьӀахкаш цхьаммо а ма хьае».
ТӀаккха цара меттах ца ехира цу стеган а,
Шамран-махкара вогӀуш хиллачу пайхамаран а
даьӀахкаш.
19 Иштта, Юши-ЯхӀу-паччахьо Шамран-махкарчу
гӀаланашкахь сагӀа доккхучу гунаш тӀехь
дӀахӀиттийна цӀу-деланийн цӀенош а дохадайтира.
Веза Эла чӀогӀа оьгӀазвахнера цу кеппара долу
цӀенош исраилхойн паччахьаша дӀахӀиттадарна.
Ша Бетал-гӀалахь диннарг оцу гунаш тӀехь йолчу
сагӀа доккхучу меттигашна а дира Юши-ЯхӀу-
паччахьо. 20 Иштачу меттигашкара динан дай
Юши-ЯхӀу-паччахьо байина дӀабахийтира. ТӀаккха
адамийн даьӀахкаш цу сагӀа доккхучу меттигашна
тӀехь ягийра. Ткъа иштта Ӏамал ен меттигаш йоха а
яйтина, ша Ярушалайме юхавирзира Юши-ЯхӀу-
паччахь.

### Пасахь олу деза де даздар карладаккхар

(2 Шерашкахь 35:1-19)

21 ТӀаккха Юши-ЯхӀу-паччахьо халкъе омра дира.
Цо элира: «Везачу Эло тхоьца бинчу оцу бертан
тептар тӀехь яздина ма-дарра, дазде аша шайн
Везачу Далла лерина долу „*Пасахьан*“ деза де».
22 Исраилан халкъана тӀехь мехкан куьйгалхоша
олалла дечу хенахь дуьйна, исраилхойн а,
яхӀудхойн а паччахьийн деношна тӀекхаччалц цкъа
а цу тайпана даздина дацара «Пасахьан» деза де.
23 Юши-ЯхӀус паччахьалла деш долу берхӀитталгӀа
шо долуш Везачу Элана лерина долу и «Пасахьан»
деза де Ярушалайм-гӀалахь даздира.

### Юши-ЯхӀу-паччахьо дина керла гӀуллакхаш

24 Юши-ЯхӀу-паччахьо хӀаллакбира ЯхӀуд-махкахь
а, Ярушалаймехь а беллачийн синош тӀедоьхуш
берш а, жинашца тайнарш а, цӀахь болу цӀуш а,
кхиболу цӀуш а, массо а кхидолу дегаза хӀуманаш а.
Юши-ЯхӀу-паччахьо дира и дерриге а, Везачу Элан
цӀа чохь *динан да* волчу Хьалкхи-ЯхӀуна карийначу
товрат-хьехамийн тептар тӀера тӀедехкинарш
кхочушдархьама. 25 Юши-ЯхӀу-паччахьал хьалха я
цул тӀаьхьа ца ваьллера и санна шен доллучу
даггара, доллучу синца, боллучу ницкъаца Везачу
Элана тӀевирзина верг, массо а хӀуманна тӀехь
Муса-пайхамаран хьехамаш кхочушбеш верг.
26 Амма Маннаш-паччахьо мел дина дегаза
хӀуманаш бахьана долуш, Веза Эла чӀогӀа
оьгӀазвахийтинера. ХӀинца а ЯхӀудан халкъана
оьгӀазваханчуьра юха ца вирзира Веза Эла.
27 Везачу Эло элира: «Ас ЯхӀудан халкъ юхатоттур ду
Сайна дуьхьалара, Айса юхатеттина Исраилан
халкъ санна. Иштта Айса къастийна йолу
Ярушалайм а, хӀара Сан цӀа а, Ас шех лаьцна: „Сан
цӀе хир ю цу чохь“ – аьлла долу, дӀатоттур ду Ас
Сайна хьалхара».

### Юши-ЯхӀус паччахьалла даран чаккхе

(2 Шерашкахь 35:20–36:1)

28 Юши-ЯхӀун кхидолчу гӀуллакхех лаьцна – цо
мел динчух лаьцна – яздина ду *ЯхӀудхойн
паччахьийн тептар* тӀехь. 29 Юши-ЯхӀус
паччахьалла дечу хенахь Мисар-мехкан паччахь
волу Наху-пирӀун Эпрат-хин йисте вахана хилла,
Ашур-мехкан паччахьна гӀо дархьама. Юши-ЯхӀу-
паччахь пирӀунна дуьхьал тӀом бан аравелла
хилла. Ткъа пирӀуно, МагӀидда-гӀалахь шена Юши-
ЯхӀу гича, иза вийна. 30 ТӀаккха Юши-ЯхӀун ялхоша
цуьнан дакъа, Ярушалайм-гӀала а деана, шен
къубба чохь дӀадоьллира.
ЯхӀуд-мехкан халкъо Юши-ЯхӀун кӀант ЯхӀу-Ахьаз,
къобал а вина, шен ден метта паччахь вина
дӀахӀоттийра.

### ЯхӀудхойн паччахь ЯхӀу-Ахьаз

(2 Шерашкахь 36:2-4)

31 ЯхӀу-Ахьазан ткъе кхо шо дара, иза паччахь
хилла дӀахӀуттуш. Ярушалайм-гӀалахь Ӏаш а волуш,
цо кхаа баттахь паччахьалла дира. ЯхӀу-Ахьазан
ненан цӀе Хьамутал яра. Иза Либна-махкара йолу
Ярми-ЯхӀун йоӀ яра. 32 ЯхӀу-Ахьаз паччахьо а, шен
дайша санна, Везачу Элана зуламе хеташ долу
гӀуллакхаш леладора. 33 Наху-пирӀуно,
Ярушалаймехь ЯхӀу-Ахьазе паччахьалла ца дайта,
иза Хьамат-махкарчу Рабила-гӀалахь набахти чу
воьллира. Наху-пирӀуно гӀуда такхар тӀедожийра
ЯхӀуд-махкана. Шена ши бӀе пунт дети а, ши пунт
деши а даьккхира пирӀуно яхӀудхошкара. 34 †ТӀаккха
Наху-пирӀуно Юши-ЯхӀу-паччахьан Элъякъим цӀе
йолу кхин кӀант хӀоттийра, шен ден метта паччахь
вина. Наху-пирӀуно Элъякъиман цӀе хийцира,
цунах ЯхӀу-Якхам аьлла. Ткъа ЯхӀу-Ахьаз пирӀуно
Мисар-махка дӀавигира, иза цигахь дӀа а кхелхира.

### ЯхӀудхойн паччахь волу ЯхӀу-Якхам

(2 Шерашкахь 36:5-8)

35 ЯхӀу-Якхам-паччахьо дети а, деши а лора
пирӀунна. И хӀума кхочушдархьама, цо хӀора а
стагера, цуьнан долахь долчу лаьттан мехе
хьаьжжина, деши а, дети а доккхура.
36 ††ЯхӀу-Якхаман ткъе пхи шо дара, иза паччахь
дӀахӀуттуш. Ярушалайм-гӀалахь Ӏаш а волуш, цо
цхьайтта шарахь паччахьалла дира. ЯхӀу-Якхаман
ненан цӀе Забудат яра. Иза Рума-гӀаларчу Пади-
ЯхӀун йоӀ яра. 37 ЯхӀу-Якхам-паччахьо а, шен дайша
санна, Везачу Элана зуламе хеташ долу гӀуллакхаш
леладора.

24 ‡ЯхӀу-Якхама паччахьалла дечу хенахь,
Бавел-мехкан паччахь волу Набухди-Нецар

† *23:34 Ярми-ЯхӀу 22:11, 12.* †† *23:36 Ярми-ЯхӀу 22:18, 19; 26:1-6; 35:1-19.* ‡ *24:1 Ярми-ЯхӀу 25:1-38; Даниал 1:1, 2.*

ЯхIуд-махкана тIегIоьртира. Кхаа шарахь Iийра
ЯхIу-Якхам-паччахь Набухди-Нецаран олаллина
кIел. ТIаккха ЯхIу-Якхам-паччахь Набухди-Нецарна
дуьхьалвелира. 2 Везачу Эло ЯхIу-Якхам-паччахьна
дуьхьалбехира хашадхойн а, арамхойн а,
муабахойн а, Iамминхойн а тIемалой, цаьрга ЯхIуд-
мохк хIаллакбайтархьама, Шен ялхой болчу
пайхамаршкахула Ша ма-аллара. 3 Везачу Элан
лаамца хилира и дерриге а ЯхIудан халкъаца, иза
Шена дуьхьалара юхататтархьама. Везачу Эло иза
дира Маннаш-паччахьо дукха къинош леторна а,
цо сийсаза долу гIуллакхаш дарна а, 4 иштта цо
бехк боцу дукха адам хIаллакдарна а. Маннаш-
паччахьо Ярушалайм-гIала цу нехан цIийх юзар
бахьана долуш, цунна гечдан ца лиира Везачу
Элана.
5 ЯхIу-Якхаман кхидолчу гIуллакхех лаьцна – цо
мел динчух лаьцна – яздина ду *ЯхIудхойн
паччахьийн тептар* тIехь. 6 ТIаккха ЯхIу-Якхам, дIа а
кхелхина, шен дайх дIаккхийтира. Ткъа цуьнан кIант
ЯхIу-Яхин керла паччахь хилла дIахIоьттира шен
ден метта.
7 Мисар-мехкан паччахь шен махка чуьра тIом
бан кхин ара ца велира, хIунда аьлча Мисар-
мехкан дозанехь долчу хина тIера Эпрат-хина тIе
кхаччалц долу латтанаш дIалецира Бавел-мехкан
паччахьо Набухди-Нецара.

### ЯхIудхойн паччахь ЯхIу-Яхин
(2 Шерашкахь 36:9, 10)

8 ЯхIу-Яхинан берхIитта шо кхаьчнера, иза
паччахь дIахIуттуш. Ярушалайм-гIалахь Iаш а
волуш, цо кхаа баттахь олалла дира. ЯхIу-Яхинан
ненан цIе Нахьушат яра. Иза Ярушалаймерчу Эли-
Натин йоI яра. 9 ЯхIу-Яхин-паччахьо а, шен дайша
санна, Везачу Элана зуламе хеташ долу гIуллакхаш
леладора.
10 Цу хенахь Бавел-мехкан паччахьан Набухди-
Нецаран тIеман хьаькамаша, Ярушалайм-гIалина
тIе а гIоьртина, цунна го бира. 11 ТIаккха Бавел-
мехкан паччахь волу Набухди-Нецар гIалина
тIевеара, шен тIеман хьаькамаша гIалина го бинчу
хенахь. 12 †ЯхIудхойн паччахь волу ЯхIу-Яхин а,
цуьнан нана а, цуьнан ялхой а, цуьнан тIеман
хьаькамаш а, цуьнан кертара хьаькамаш а шаьш
Набухди-Нецаран кара бахара. Иштта, Бавел-
махкарчу Набухди-Нецар-паччахьо олалла ден
борхIалгIа шо долуш, цо ЯхIу-Яхина йийсар дира.
13 ТIаккха Набухди-Нецар-паччахьо Ярушалаймехь
долчу Везачу Элан цIийнан хазни чохь мел йолу
хIума а, паччахьан кертара мехала мел йолу хIума
а дIаяьхьира. Везачу Эло аьлла ма-хиллара, хьалха
исраилхойн паччахь хиллачу Сулима Везачу Элан
цIенна лерина яйтина хилла йолу массо а дашо
хIуманаш дIаяьхьира Бавел-мехкан паччахьо.
14 Цул тIаьхьа массо ярушалаймхой арабехира цо,
массо элий а, берриг доьналла долу эскархой а
дIабигира. Иштта, йийсаре дIадигна долу дерриг
адам итт эзар дара. Царна юкъахь бара дечиган а,
эчиган а говза пхьераш. ЯхIуд-махкахь, уггаре а
миска нах боцурш, цхьа а ца висира.
15 ††Цу тайпана, ЯхIу-Яхин-паччахь, цуьнан нана,
цуьнан зударий, паччахьан кертахь гIуллакх деш
хилларш, лаккхарчу даржашкахь хилла нах – уьш
берриш а Ярушалайм-гIалара Бавел-махка
кхалхийра Бавел-мехкан паччахьо. 16 Бавел-мехкан
паччахьо Бавел-махка йийсаре дIадигира шена
чохь ворхI эзар тIемало волу дерриг эскар а, цхьа
эзар говза пхьар а, аьчка-пхьар а. Цу
дIабигначарна юкъахь уггар а доьналла долу
тIемалой бара.
17 ‡Бавел-мехкан паччахьо Ярушалайм-гIалахь
керла паччахь дIахIоттийра. Иза вара ЯхIу-Яхинан
ден ваша волу Матан-ЯхIу. Матан-ЯхIун цIе а
хийцина, ЦIадукъ-ЯхIу аьлла, цIе тиллира цунна
Бавел-мехкан паччахьо.

### ЯхIудхойн паччахь ЦIадукъ-ЯхIу
(2 Шерашкахь 36:11-23; Ярми-ЯхIу 52:1-3а)

18 ‡†ЦIадукъ-ЯхIун ткъе цхьа шо дара, иза паччахь
хилла дIахIуттуш. Ярушалайм-гIалахь Iаш а волуш,
цхьайтта шарахь паччахьалла дира цо. ЦIадукъ-
ЯхIун ненан цIе Хьамутал яра. Иза Либна-гIалара
Ярми-ЯхIун йоI яра. 19 ЦIадукъ-ЯхIу-паччахьо а, шен
да ЯхIу-Якхама санна, Везачу Элана зуламе хеташ
долу гIуллакхаш леладора. 20 ‡‡Ярушалайм-гIалин а,
ЯхIуд-мехкан а бахархой Шена уллора дIататтал
чIогIа оьгIазваханера Веза Эла. Иштта ЦIадукъ-
ЯхIу-паччахь Бавел-мехкан паччахьна
дуьхьалвелира.

### Ярушалайман йожар
(2 Шерашкахь 36:13-21; Ярми-ЯхIу 52:3б-11)

25 ‡‡†ЦIадукъ-ЯхIус паччахьалла до уьссалгIа шо
долуш, шеран уьтталгIачу беттан уьтталгIачу
дийнахь, Бавел-мехкан паччахь Набухди-Нецар,
шен дерриг эскар а эцна, Ярушалаймана тIамца
тIевахара. ГIалина уллохь *меттамотт* дIа а
хIоттийна, ерриг а гIалина гонах гунаш дира цо,
иза схьаяккха кечам бархьама. 2 ЦIадукъ-ЯхIус
паччахьалла до цхьайтталгIа шо тIекхаччалц гIала
го бина латтира. 3 Цу шеран боьалгIачу беттан
уьссалгIа де тIекхаьчча, дIахIоьттина мацалла
гIалин бахархошна даа хIумма а ца дуьсуш чIогIа
яра. 4 ‡‡‡МостагIчо гIалин пенах доккха Iуьрг
даьккхича, Ярушалаймерчу берриг а тIемалоша
дIабовда кечам бира. Хашадхой гIалина го бина
латтинехь а, буьйсанна паччахьан бешана уллохь
болчу шина пенна юккъехь долчу кевнехула массо
а эскар гIали чуьра араделира. Иза дедда *Iариба-
тогIи* чу дIадахара. 5 ТIаккха хашадхойн эскар

† 24:12 *Ярми-ЯхIу 22:24-30; 24:1-10; 29:1, 2.*

†† *24:15 Яхьазкхиал 17:12.* ‡ *24:17 Ярми-ЯхIу 37:1; Яхьазкхиал 17:13.* ‡† *24:18 Ярми-ЯхIу 27:1-22; 28:1-17.* ‡‡ *24:20 Яхьазкхиал 17:15.* ‡‡† *25:1 Ярми-ЯхIу 21:1-10; 34:1-5; Яхьазкхиал 24:2.* ‡‡‡ *25:4 Яхьазкхиал 33:21.*

паччахьна тӀаьхьаделира. Ерихон-гӀалин
аренашкахь уьш ЦӀадукъ-ЯхӀуна тӀаьхьакхиира.
Ткъа паччахьан эскарера массо а тӀемало цунна
уллора дӀасаведира. 6 ЦӀадукъ-ЯхӀу, схьа а лаьцна,
Бавелан паччахь волчу Рабила-гӀала схьавалийра.
Цигахь цунна кхел йира. 7 †ЦӀадукъ-ЯхӀун кӀентий
цунна хьалха байира. Ткъа иза, ши бӀаьрг а
баьккхина, цӀестан буржалш а тоьхна, Бавеле
дӀавигира.

## Везачу Элан цӀа дохор

(Ярми-ЯхӀу 52:12-33)

8 Набухди-Нецара паччахьалла дечу
ткъайоьсналгӀачу шеран пхоьалгӀачу беттан
ворхӀалгӀачу дийнахь паччахьан гӀаролхойн
хьаькам волу а, Бавелан паччахьан ялхо волу а
Набузар-Адан Ярушалайме веара. 9 ††Цо Везачу
Элан цӀа а, паччахьан цӀа а, Ярушалаймера массо а
цӀа а цӀе тесна дагийра. Иштта, Ярушалаймехь долу
дерриг а коьрта цӀенош дагийра. 10 Оцу хьаькаман
куьйгаллехь долчу хашадхойн эскаро
Ярушалаймана гонах долу пенаш а дохийра.
11 Паччахьан гӀаролхойн хьаькамо Набузар-Адана
Ярушалаймехь дисина кхидолу халкъ а, говза
гӀишлош йийраш а, Бавелан паччахьан агӀор
бевлларш а йийсаре дӀабигира. 12 Оцу махкара
къечу халкъана юкъара цхьадолу адамаш дитира
цу хьаькамо, цаьрга кемсийн бошмашкахь а,
кхашкахь а болх байтархьама.
13 ‡Хашадхоша дохийна дӀадехира Везачу Элан
цӀенна хьалха долу цӀестан бӀогӀамаш а, цӀийнан
кертахь меттахйохуш йолу цӀестан бухахӀотторгаш
а, иштта цӀестан хӀорд а. Дерриг а цӀаста цара
Бавеле дӀадаьхьира. 14 ‡†Цара иштта дӀадаьхьира
тесаш а, белаш а, тукарш а, *хаза хьожа йогӀу хӀума*
чуюьллу кедаш а Везачу Элана лерина гӀуллакх
дечу хенахь лелош хилла йолу цӀастанах йина мел
йолу пхьегӀаш а. 15 Деших а, детих а мел йина
хӀуманаш а дӀаяьхьира паччахьан гӀаролхойн
хьаькамо, царна чуйогӀура богуш болу кӀора
дӀасакхоьхьу нойш а, цӀий чудутту боганаш а.
16 Сулим-паччахьо Везачу Элан цӀенна лерина бина
ши бӀогӀам а, боккха яй а, меттахйохуш йолу
кӀелхӀотторгаш а чӀогӀа еза яра. Оцу хӀуманашна
дахана долчу цӀастанан барам буста а ца лора.
17 Цхьана бӀогӀаман лакхалла берхӀитта дол яра. Цу
бӀогӀам тӀехь цӀестан *таж* дара, кхо дол лакхалла а
йолуш. Цу тӀехь цӀастанах бина цаца а, наран
стоьмаш а дара. Вукху бӀогӀамна тӀехь а дара иштта
бина цаца а, наран стоьмаш а.

## ЯхӀудхой Бавел-махка дӀакхалхор

(Ярми-ЯхӀу 52:24-27)

18 Паччахьан гӀаролхойн хьаькамо коьрта *динан
да* волу Сари-ЯхӀу а, шолгӀа динан да волу Цапни-
ЯхӀу а, Везачу Элан цӀа чу воьдийла ларъеш волу
кхо гӀаролхо а йийсаре дӀавигира. 19 ГӀалахь
хӀетталц а бисинчарах цо дӀавигира тӀемалойн
хьаькам волу ваьӀна стаг а, паччахьан пхиъ
хьехамча а, нах эскаре дӀаязбеш волу эскаран
коьрта йозанча а, иштта гӀалахь шайна
схьакарийна волу кхузткъа кхиволу стаг а. 20 Уьш
берриш а паччахьан гӀаролхойн хьаькамо
Набузар-Адана Бавелан паччахьна тӀе Рабила-гӀала
дӀабигира. 21 Хьамат-гӀалин махкахь йолчу Рабила-
гӀалахь Бавелан паччахьо, уьш байа аьлла, омра
дира.
Иштта яхӀудхой шайн махкара йийсаре
дӀабигира.

## ЯхӀуд-мехкан куьйгалхо волу Гадал-ЯхӀу

(Ярми-ЯхӀу 40:7-9; 41:1-3)

22 ‡‡Бавелан паччахьо Набухди-Нецара ЯхӀуд-
махкахь дитинчу халкъана тӀехь куьйгалхо вина
дӀахӀоттийра Шапанин кӀентан Ахьикхаман кӀант
Гадал-ЯхӀу. 23 ТӀеман массо а хьаькамна а, церан
нахана а хезира, Бавелан паччахьо Гадал-ЯхӀу
мехкан куьйгалхо дӀахӀоттийна аьлла. ТӀаккха уьш
МицӀпа-гӀала бахара Гадал-ЯхӀуна тӀе. Уьш бара:
Натан-ЯхӀун кӀант ИсмаьӀал, Къаьрхьин кӀант
Йохьан а, натӀупатхо волчу Танхьуматан кӀант
Сари-ЯхӀу а, маӀхахочун кӀант Яъзан-ЯхӀу а, церан
нах а. 24 Гадал-ЯхӀус, царна а, церан нахана а
хьалха, чӀагӀо а еш, элира: «Хашадхойн баьччанех
ма кхера. ХӀокху махкахь даха охьа а ховша,
Бавелан паччахьна муьтӀахь а хила, тӀаккха шуна
дика хир ду».
25 ‡‡†Амма шеран ворхӀалгӀачу баттахь, шеца итт
стаг а валош, паччахьан цӀийнах схьаваьлла волу,
Эли-ШамаӀан кӀентан Натан-ЯхӀун кӀант ИсмаьӀал
веара Гадал-ЯхӀуна тӀе. Цара Гадал-ЯхӀуна чов йира,
иза велира. Иштта Гадал-ЯхӀуца цхьаьна МицӀпа-
гӀалахь болу яхӀудхой а, хашадхой а байира
ИсмаьӀала. 26 ‡‡‡Иза бахьанехь дерриг а халкъ –
кӀезиг болчу нахана тӀера дуьйна, цӀеяхана
болчарна тӀекхаччалц – тӀеман хьаькамашца
цхьана Мисар-махка дӀадедира, шаьш хашадхойх
кхерарна.

## ЯхӀу-Яхин набахти чуьра араваккхар

(Ярми-ЯхӀу 52:31-34)

27 ЯхӀудхойн паччахьо ЯхӀу-Яхина Бавеларчу
набахтехь ткъе вуьрхӀитта шо даьккхича, Авил-
Мардуха иза набахтера аравалийтира. Иза хилира
Авил-Мардух Бавелан паччахь хилла дӀахӀоьттинчу
шеран шуьйтталгӀачу беттан ткъе ворхӀалгӀачу
дийнахь. 28 Авил-Мардуха цуьнца бертахь къамел
дора, ткъа Бавел-махкахь йийсарехь болчу
кхиболчу паччахьийн ларамал цуьнан лекха ларам
бира. 29 ЯхӀу-Яхинна пурба делира шена тӀера
тутмакхан духар дӀадаккха. Дуьнен чохь ша мел

† 25:7 Яхьазкхиал 12:13. †† 25:9 Сулим 9:8. ‡ 25:13 а: Сулим 7:15-26; 2 Шерашкахь 3:15-17; б: Сулим 7:23-26; 2 Шерашкахь 4:2-5. ‡† 25:14 Сулим 7:45; 2 Шерашкахь 4:16.

‡‡ 25:22-24 Ярми-ЯхӀу 40:7-9. ‡‡† 25:25 Ярми-ЯхӀу 41:1-3. ‡‡‡ 25:26 Ярми-ЯхӀу 43:5-7.

йоккхучу йисинчу хенахь кест-кестта паччахьна
уллохь яа хIума йоура цо.
30 ЯхIу-Яхин дуьнен чуьра
дIаваллалц, хIора дийнахь Бавелан паччахьо
цунна мел оьшург а латтадора.

# 1 Шерашкахь

### Дешхьалхе

Паччахьаллех лаьцна долчу деа тептар тIехь дIаяздина долу гIуллакхаш кхечу кепара дуьйцуш ду дIаихначу шерашкахь хиллачух лаьцна долчу а, а тептарш тIехь. яздина долчу тептарш тIехь дуьйцучу дийцарийн коьрта ши Iалашо хIара ю:
1) Исраилан а, ЯхIудан а пачхьалкхашна бохамаш бина белахь а, къомана Ша йина чIагIо Дала ларъеш хилар а, ЯхIуд-махкахь бехаш болчу нахехула Цо Шен Iалашо кхочушъеш хилар а гайтар. Дауд-паччахьо а, Сулим-паччахьо а динчу сийлахьчу гIуллакхашка а, ЯхIушапти-паччахьо а, Хьузакх-ЯхIу-паччахьо а, Юши-ЯхIу-паччахьо а динчу юхаметтахIитторашка а, Далла тешаме бисинчу нахе а хьоьжуш, тептар яздархочо иза чIагIдар.
2) Ярушалайм-гIалахь долчу Делан цIа долчохь Далла гIуллакхдаран схьадалар дийцар а, и гIуллакхдар кхочушдеш болчу динан дайн а, левихойн а низам дийцар а. Сулим-паччахь Делан цIа дугIург велахь а, Дауд-паччахь билггала оцу цIийнан а, цигахь лелош долчу гIуллакхан а кхоллархо хилар гойтуш ду.

### Адамна тIера ИбрахIимна тIекхаччалц
(Доладалар 5:1-32; 10:1-32; 11:10-26)

1 Адамах схьабевлла: ШатIа, Энош, 2 Къаим,
Махьаллал, Ярад, 3 ХIанох, Матушалахь,
ЛемакI, 4 Нохьа. Ткъа Нохьин кIентий бара: Шима,
Хьама, Япат.
5 Япатан кIентий бара: Гомар, МагIогI, Мадай,
Яван, Тубал, Машах, Тирас. 6 Гомаран кIентий бара:
Ашкиназ, РипIат †, ТогIарма. 7 Яванан кIентий бара:
Элша, Таршаш, Хитам, Роданам.
8 Хьамин кIентий бара: *Хуша*, Мисар, ПIатIа,
КанаIан. 9 Хушин кIентий бара: Себа, Хьавил,
СабтIа, РуIман, Сабтехьа. РуIманан кIентий бара:
Шеба, Даддан. 10 Ткъа Хушин вара Намрад цIе
йолуш кIант, иза чIогIа ницкъ болуш кIант вара.
11 Мисарх схьабевлла: лудамхой, Iанамхой,
лахIабхой, наптухьхой, 12 патIрусхой, шайх
пIелаштамхой схьабевлла болу каслахIамхой,
каптIархой. 13 КанаIанан кIентий хIорш бара:
дуьххьарлера доьзалхо волу ЦIадан, цул тIаьхьа
хилла волу Хьета. 14 Иштта КанаIанах схьабевлла:
явсайхой, эмархой, гIиргIашахой, 15 хьаьвихой,
Iаьркхахой, синахой, 16 арвадихой, цIемархой,
хьаматхой.
17 Шимин кIентий бара: Iейлам, Ашур, Арпахшад,
Луда, Арам. Араман кIентий бара: IуцIа, Хьула,
ГIетIар, Машах. 18 Арпахшадан кIант вара Селахь,
ткъа Селахьан кIант вара Iебар. 19 Iебаран ши кIант
вара: цхьана кIентан цIе ПалагI †† яра, хIунда аьлча
иза вехачу хенахь лаьтта тIехь адам декъадалар а,
дIасадаржар а хилира. ПалагIан вешин цIе Якхтан
яра. 20 Якхтанан кIентий бара: Алмадад, ШалапI,
Хьацармават, Ярахь, 21 ХIайдарам, Узал, Дикхалла,
22 Iейбал, Абумаил, Шеба, 23 Апар, Хьавил, Ябаб.
Уьш берриш а Якхтанан кIентий бара.
24 Ткъа Шимин кIентий хилла: Арпахшад, Селахь,
25 Iебар, ПалагI, Рахьу, 26 СерагI, Нахьир, ТIахьир,
27 Ибрам, цуьнан кхин цIе ИбрахIим ю.

### ИсмаьIалан тIаьхье
(Доладалар 25:12-16)

28 ИбрахIиман кIентий бара: Исхьакх а, ИсмаьIал
а. 29 Церан тIаьхье иштта яра: ИсмаьIалан
дуьххьарлера кIант вара Набуяти, цул тIаьхьа
хилира Къедар, Адбаал, Мибасам, 30 МишмаI, Дума,
Маси, Хьадид, Тейма, 31 Етар, Напуши, Къедима.
Уьш бара ИсмаьIалан кIентий.
32 ИбрахIиман *гIарбаш-зудчо* Къитурата бина
кIентий бара: Зимран, Якхешан, Медан, Мадани,
Ишбакх, Шуахь. Якхешанан кIентий бара: Шеба,
Даддан. 33 Маданин кIентий бара: Iейпа, Iайпар,
Хьанах, АвидаI, ЭлдаIа. Уьш берриш а Къитуратан
кIентий бара.

### Исхьакхан тIаьхье
(Доладалар 36:1-19)

34 ИбрахIиман кIант волчу Исхьакхан кIентий
бара: Iесав, Исраил. 35 Iесаван кIентий бара:
Элипаз, РаIал, ЕIуш, ЯIлам, Кхорахь. 36 Элипазан
кIентий бара: Теман, Омар, Цепа, ГаIтам, Кхеназ.

† *Грекийн гочдар тIехь: *РипIат. *Iебархойн тептар тIехь: *Дипати.** †† *ПалагI *– Iебархойн маттахь цуьнан маьIна ду «декъадалар».**

Ткъа ТамнаIа цунна Iамалекх винера. [37] РаIалан
кIентий бара: Нахьати, Зерахь, Шама, Миза.

### СеIирах схьабевлла эдомхой

(Доладалар 36:20-30)

[38] СеIиран кIентий бара: Лутани, Шубали, ЦIибIон, Iана, Дишон, Эцар, Дишан.

[39] Лутанин кIентий бара: Хьори, ХIейма. ТамнаI Лутанин йиша яра.

[40] Шубалин кIентий бара: Iалиян, Манахьат, Iейбал, Шапи, Онам.

ЦIибIонан кIентий бара: АяхIу, Iана. [41] Iанин кIант
вара: Дишон. Дишонан кIентий бара: Хьамран, Эшбан, Итран, Керан.

[42] Эцаран кIентий бара: БилхIан, ЗаIван, ЯIакхан.

Дишанан кIентий бара: IуцIа, Арани.

### Эдом-мехкан паччахьаш

(Доладалар 36:31-43)

[43] Исраилан махкахь паччахьаш хилале, Эдомехь хIара паччахьаш хиллера:

БеIаран кIант БулаI. Цуьнан гIалин цIе ДинхIаба яра.

[44] БулаI велча, цуьнан метта паччахь хилира Бацар-гIаларчу Зерахьан кIант Ябаб.

[45] Ябаб велча, цуьнан метта паччахь хилира теманхойн махкара Хьушам.

[46] Хьушам велча, цуьнан метта паччахь хилира Бедадан кIант ХIадад. Муаби-махкахь маданхошна тIехь толам баьккхинера цо. Цуьнан гIалин цIе Iавит яра.

[47] ХIадад велча, цуьнан метта паччахь хилира Масрекха-гIалара Самла.

[48] Самла велча, цуьнан метта паччахь хилира хин йистехь йолчу Рехьабат-гIалара Шаул.

[49] Шаул велча, цуьнан метта паччахь хилира Iахбаран кIант БаIал-Хьанан.

[50] БаIал-Хьанан велча, цуьнан метта паччахь хилира ХIадад. Цуьнан гIалин цIе ПаIу яра. ХIададан зудчун цIе яра Ма-ХIайтIабал. Иза МезахIабан йоIан Матарадан йоI яра.

[51] ХIадад а велла.

Эдом-махкахь хIара баьччанаш а хилла: ТамнаI,
Iаьлви, Етат, [52] АхIлибам, Эла, Пинан, [53] Кхеназ,
Теман, Мубацар, [54] Магдаал, Iирам. Уьш эдомхойн
баьччанаш хилла.

### ЯхIудан тIаьхье

[2] Исраилан кIентий бара: Раабан, ШимIа, Леви,
ЯхIуд, Иссархан, Забул, [2] Дан, Юсуп, Бен-Яман,
Наптал, Гада, Ашар.

[3] ЯхIудан кIентий бара: Iаьр, Онан, Шейла. Цунна и кхо кIант вина хилла канаIанхо йолчу ШуIин йоIа. ЯхIудан дуьххьарлера доьзалхо волу Iаьр Делан бIаьргашна хьалха вон вара, цундела иза Дала
валийтира. [4] ЯхIудан несо Тамарас ЯхIудана ши
кIант винера: Парас, Зерахь. Верриг а пхи кIант вара ЯхIудан.

[5] Парасан кIентий бара: Хьацрани, Хьамал.
[6] Зерахьан кIентий бара: Зимари, Этан, ХIайман,
Калкал, ДарIа. Уьш верриг пхи кIант вара. [7] †Далла
лерина йохо дIакъастийна хIуманаш схьа а эцна,
Исраилан халкъана бала тIебаийтина волу Ахари ††
хилла Кармин кIант. [8] Этанан кIант вара Iазар-ЯхIу.

### Дауд-паччахьан схьавалар

[9] Хьацранина бина кIентий бара: Ярахьмиал, Рам, Килаб.

[10] Рамин хилира кIант Iамминадаб. Iамминадабан
хилира кIант Нахьшон, ЯхIудан тайпанан баьчча
хилла волу. [11] Нахьшонан хилира кIант Салма.
Салмин хилира кIант БоIаз. [12] БоIазан кIант хилира
Iабади. Iабадин кIант хилира Юшай.

[13] Юшайн хилира кIентий: дуьххьарлерниг Элиаб,
шолгIаниг Абинадаб, кхозлагIниг ШимIа,
[14] воьалгIаниг Натунаил, пхоьалгIаниг Радай,
[15] йолхалгIаниг Оцам, ворхIалгIаниг Дауд. [16] Церан
йижарий бара: Царуят, АбигIал.

Царуятан кхо кIант хилира: Абушай, Йоаб,
IасахIал. [17] АбигIала вира кIант Iамасаъ. Iамасаан
да вара исмаьIалхо волу ИтIар.

### Хьацранин тIаьхье

[18] Хьацранин кIентан Килабан зудчо Iазубата
йира йоI Яриат. Цо бина кIентий бара: Ешар,
Шубаб, Ардун. [19] Iазубат елча, Килаба шена Эпрати
ялийра. Цо вира кIант Хьор. [20] Хьоран кIант хилира
Ури. Урин кIант хилира Бацалиал.

[21] ТIаккха Хьацранис, шен кхузткъа шо долуш,
ГалIадан да волчу Макиран йоI ялийра шена. Цо
Хьацранина вира кIант Чагуб. [22] Чагубан кIант
хилира Яир. ГалIад-махкахь ткъе кхоъ гIала яра
цуьнан долахь. [23] Амма гешурхоша а, арамхоша а
Яиран махкара эвлаш а, Кхинат-гIала а, цуьнца
йоьзна хилла йолу кхузткъа юрт а цаьргара
схьаяьккхира. Цигахь Iаш болу берриш а ГалIадан
дех Макирах схьабевллера. [24] Килаб-Эпратин
махкахь Хьацрани веллачул тIаьхьа Хьацранин
зудчо Аби-ЯхIус вира кIант Ашихьур. Цо ТакхоI-гIала дIахIоттийра.

### Ярахьмиалан тIаьхье

[25] Хьацранин дуьххьарлера доьзалхо волчу
Ярахьмиалан кIентий бара: хьалхарниг Рам, цул
тIаьхьа Буна, Оран, Оцам, АхьъяхIу. [26] Ярахьмиалан
кхин а зуда яра. Цуьнан цIе Iатрат яра. Иза Онаман
нана яра. [27] Ярахьмиалан дуьххьарлера доьзалхо
волчу Рамин кIентий бара: МаIац, Ямин, Iекхар.
[28] Онаман кIентий бара: Шамай, ЯдаI. Шамайн
кIентий бара: Надаб, Абишур.

† *2:7 ЮшаI 7:1.* †† *Ахари *– и цIе «бала» бохург ду. ЮшаIан тептар тIехь иза Iахан цIе тиллина ду.**

29 Абишуран зудчун цIе яра Абу-ХIаил. Цо
Абишурана бина кIентий бара: Ахьбан, Мовлид.
30 Надабан кIентий бара: Селад, Апайм. Селад, цхьа
а бер доцуш, велла. 31 Апайман кIант хилира
Ишхьи. Ишхьин кIант хилира Шишан. Шишанан –
Ахьлай.
32 Шамайн вешин ЯдаIан кIентий бара: ИтIар,
ЯхIуната. ИтIар, цхьа а бер доцуш, велла.
33 ЯхIунатин кIентий бара: ПелатIа, Заза. Иштта яра
Ярахьмиалан тIаьхье.
34 Шишанан, йоIарий бен, кIентий ца хилира.
Цуьнан, ЯрхьаI цIе а йолуш, мисархо волу лай вара.
35 Шишана шен йоI оцу ЯрхьаIе маре яхийтира,
ткъа цо вира кIант Атай. 36 Атайн хилира кIант Ната,
ткъа Натин хилира кIант Забад. 37 Забадан хилира
кIант: Эплал. Эплалан хилира кIант Iабади.
38 Iабадин хилира кIант ЯхIу, ткъа ЯхIун хилира
кIант Iазар-ЯхIу. 39 Iазар-ЯхIун хилира кIант Хьелац.
Хьелацан хилира кIант ЭлиIаса. 40 ЭлиIасан хилира
кIант Сисмай. Сисмайн хилира кIант Шалум.
41 Шалуман хилира кIант Якхам-ЯхIу. Якхам-ЯхIун
хилира кIант Эли-ШамаI.

### Килабан тIаьхье

42 Ярахьмиалан вешин Килабан масех кIант
хилира. Цуьнан дуьххьарлера доьзалхо хилира
МешаI. Иза Зипан да хилира. Килабан кхин а цхьа
кIант Мареша хилира, иза Хьевронан да хилира.
43 Хьевронан хIара кIентий хилира: Кхорахь а,
Тапухьа а, Рекхам а, ШемаI а. 44 ШемаIан хилира
кIант Рахьам, иза ЙоркхиIаман да хилира. Ткъа
Рекхаман хилира кIант Шамай. 45 Шамайн хилира
кIант МаIун, ткъа МаIун Байт-Цуран да хилла.
46 Килабан *гIарбаш-зудчун* цIе Iейпа яра. Иза
ХIаранан а, Муцин а, Газизан а нана яра. Ткъа
ХIаранан хилира кIант Газиз.
47 ЯхIдайн кIентий бара: РегIам, Йовтам, Гишан,
Пелат, Iейпа, ШаIапа.
48 Килабан кхин *гIарбаш-зуда* а яра. Цуьнан цIе
МаIха яра. МаIха яра Шебаран а, Тирхьанан а нана.
49 Иштта ШаIапан а, Шивин а нана а яра иза.
ШаIапа Мадманан да вара. Шива вара Махбенан а,
ГибаIан а да.
Килабан йоI Iахисат яра.
50 Килабан тIаьхьенан цIераш хIорш яра:
Хьор вара Эпратин дуьххьарлера кIант. Хьоран
кIентий хилира: Кхиръят-ЯIарим-гIала дIахIоттийна
волу Шубали, 51 Байтлахам-гIала дIахIоттийна волу
Салма, Байт-Гадер-гIала дIахIоттийна волу Хьарпа.
52 Кхиръят-ЯIарим-гIала дIахIоттийначу Шубалих
схьабевлира хIаруахой а, манухьутхойн ахтукхам а.
53 Кхиръят-ЯIаримера тукхамаш хIорш дара:
итархой, путахой, шуматхой, мишраIхой. Царах
схьабевлира цорIахой а, эштаулхой а.
54 Салмин тIаьхьенах схьабевлира: байтлахамхой,
натIупатхой, Iатрут-Байт-Йоабан бахархой,
манахьтихойн ахтукхам, цорIахой, 55 иштта ЯIабац-
гIалахь бехаш болу тептарш яздеш болчийн
тукхамаш: тирIатхой, шимIатхой, сухахой. И
тептарш яздинарш хилла Хьаматан тIаьхьенах
болу кхенахой. Хьамат вара рахбихойн тукхаман
да.

### Дауд-паччахьан кIентий

3 Хьеврон-гIалахь Даудана динчу берийн
цIераш хIорш ю:
Даудан дуьххьарлера кIант Амнан израIалхо
йолчу АхьнуIмата вина вара.
ШолгIа кIант Даниал кармалхо йолчу АбигIала
вина вара.
2 КхоалгIа кIант Абушалам Гешурахь паччахь
волчу Талмайн йоIа МаIхас вина вара.
ВоьалгIа кIант Адан-ЯхIу Хьагата вина вара.
3 Даудан пхоьалгIа кIант Шапат-ЯхIу Абиталис
вина вара.
ЙолхалгIа кIант ИтраIам IагIлата вина вара. Иза,
вуьш санна, Даудан зуда яра.
4 †Даудан и ялхе а кIант Хьевронехь вина вара.
Цигахь Дауда ворхI шарахь а, ялх баттахь а
паччахьалла дира.
Ярушалаймехь Дауда ткъе кхойтта шарахь
паччахьалла дира. 5 ††Даудан Ярушалаймехь хилла
долу бераш хIорш ду:
Iамиалан йоIа Бат-ШабаIа диъ бер дира: ШимIа,
Шубаб, Ната, Сулим.
6 Кхин а исс кIант хилира Даудан: Ибхьар, Эли-
ШуIа, Эли-Пулат, 7 НугIахIи, Непаг, ЯпияI, 8 Эли-
ШамаI, ЭлидаI, Эли-Пулат. 9 Уьш берриш а Даудан
кIентий бара. *ГIарбаш-зударша* бина кхин а
кIентий бара Даудан. Тамара церан массеран а
йиша яра.

### Сулим-паччахьан тIаьхье

10 Сулиман кIант хилира РахьбуIам. РахьбуIаман
кIант хилира Аби-ЯхIу. Цуьнан кIант хилира Аса.
Ткъа Асин кIант ЯхIушапти. 11 ЯхIушаптин кIант
хилира ЯхIурам. ЯхIураман хилира кIант Ахьаз-
ЯхIу. Ахьаз-ЯхIун хилира кIант Юаш. 12 Юашан кIант
хилира Амци-ЯхIу. Iазар-ЯхIу Амци-ЯхIун кIант
хилира. Iазар-ЯхIун кIант хилира Йовтам.
13 Йовтаман кIант хилира Ахьаз. Хьузакх-ЯхIу
хилира Ахьазан кIант. Хьузакх-ЯхIун кIант Маннаш
хилира. 14 Маннашан кIант Амин хилира. Аминан
кIант Юши-ЯхIу хилира. 15 Юши-ЯхIун кIентий
хIорш бара: дуьххьарлера кIант – Йохьан,
шолгIаниг – ЯхIу-Якхам, кхозлагIниг – ЦIадукъ-ЯхIу,
ткъа воьалгIаниг – Шалум. 16 ЯхIу-Якхаман кIентий
бара: ЯхIу-Яхин, ЦIадукъ-ЯхIу.

### ЯхIу-Яхин-паччахьан тIаьхье

17 Йийсаре дIавигина хиллачу ЯхIу-Яхинан
кIентий бара: Шалтаал, 18 Малкирам, Пади-ЯхIу,
Шаниацар, Якхам-ЯхIу, ХIушмаI, Надиб-ЯхIу.

---

† *3:4 Дауд 5:4, 5; Шамъал 2:11; 1 Шерашкахь 29:27.* †† *3:5 Дауд 11:3.*

[19] Пади-ЯхIун кIентий бара: Зурбабел, ШамаIи.
Зурбабелан кIентий бара: Машулим, Хьанан-ЯхIу.
Шаламат церан йиша хилла. [20] Зурбабелан кхин а
пхи кIант хилира. Церан цIераш яра: Хьашба,
ОхIал, Берех-ЯхIу, Хьасди-ЯхIу, Юшаб-Хьесад.
[21] Хьанан-ЯхIун кIентий бара: Палти-ЯхIу, ЯшаI-
ЯхIу. Рапи-ЯхIу вара ЯшаI-ЯхIун кIант. Рапи-ЯхIун
кIант вара Арнан. Арнанан кIант вара Iабди-ЯхIу.
Шахан-ЯхIу Iабди-ЯхIун кIант вара. [22] Шахан-ЯхIун
кIант вара ШамIа-ЯхIу. Ткъа ШамIа-ЯхIун кIентий
бара: Хьатуш, ИгIал, Баръяхьи, НаIар-ЯхIу, Шапти.
Уьш ялхе а цуьнан кIентий а, кIентан кIентий а
бара. [23] НаIар-ЯхIун хилира кIентий: ЭлъюIинай,
Хьузакх-ЯхIу, Iазрикхам. Уьш верриг а кхо кIант
хилла. [24] ЭлъюIинайн кIентий хилира: ХIудав-ЯхIу,
Элишуб, Пали-ЯхIу, Iакхуби, Йохьан, Дали-ЯхIу,
Iанани. Уьш верриг а ворхI кIант вара.

### ЯхIудан тIаьхье

4 ЯхIудан хилира хIара кIентий: Парас,
Хьацрани, Карма, Хьор, Шубали. [2] Шубалин
кIант хилира Раи-ЯхIу. Иза Яхьатан да хилира.
Яхьатан кIентий хилира: Ахьумай а, ЛахIда а.
Ахьумайн а, ЛахIдин а тIаьхьенех цорIахойн
тукхамаш схьадевлира.
[3] Эпратин дуьххьарлера доьзалхо волчу а,
Байтлахам-гIала дIахIоттийна волчу а Хьоран
кIентий хIорш бара: IайтIам, Пенуал, Iезар.
IайтIаман кIентий хIорш бара: ИзраIал, Ишма,
Идбаш. Церан йишин цIе ХIацилалпуни яра.
Пенуал Гадур-гIала дIахIоттийнарг вара. Iезар
Хьушат-гIала дIахIоттийнарг вара.
[5] Ашихьур ТакхоI-гIала дIахIоттийнарг вара.
Ашихьуран ши зуда хилла: Хьалиа, НаIран.
[6] НаIрана бина кIентий хIорш бара: Ахьузам,
Хьепар, Тимани, Ахьаштарай. Уьш НаIранан
кIентий бара. [7] Хьалиан хIара кIентий хилира:
Царати, ЦIохьар, Этнани, [8] Кьоца.
Кьоцин хилира кIентий: Iануб, Цубиба. Кьоцин
тIаьхьенах схьадевлира ХIаруман кIант волчу
Ахьархьилан тукхамаш.
[9] Ткъа ЯIабац шен вежарел лоруш стаг вара.
Цуьнан нанас: «Аса чIогIачу лазаршца дуьнен чу
ваькхина хIара», – аьлла, ЯIабац † цIе тиллина
хилла цунна. [10] ЯIабаца, исраилхойн Деле доIа а
деш, дийхира: «Ахьа со декъал а вахьара, сан латта
шор а дахьара, со зуламех лар а веш, Хьо суна
уллохь а хилахьара, со лазарш доцуш
хилийтархьама!» – аьлла. ТIаккха цо деххнарг
делира цунна Дала.
[11] Ткъа Халуб Шухьин ваша вара. Халубан кIант
вара Махьир. Ткъа Махьир Эштунан да вара.
[12] Эштунан кIентий бара: Байт-Рапа, Писухьа,
Тахьина. Тахьинас Нахьаш-гIала дIахIоттийра. Уьш
Реха-гIалин бахархой бара.
[13] Кхеназан кIентий хIорш бара: Iотниал, Сари-
ЯхIу. Iотниалан кIентий хIорш бара: Хьатати,
МаIунутай ††. [14] МаIунутай Iапрун да вара.
Сари-ЯхIу Йоабан да вара. Йоаб Пхьерийн тогIи
дIахIоттийнарг вара. Шаьш пхьераш болу дела
тиллина хиллера цара и цIе.
[15] Епунин кIант волчу Килабан кIентий хIорш
бара: Iиру, Эли, НаIам. Элан кIант вара Кхеназ.
[16] ЯхIалал-Элан кIентий хIорш бара: Зип, Зипа,
Тиръя, Асариал.
[17] Iезаран кIентий хилла: ИтIар, Мерад, Iайпар,
Ялун. Ткъа Мерада пирIунан йоI йолу Бит-ЯхIу
шена ялийра. Цо Мерадана дина бераш хIорш
дара: Марем, Шамай, Ишбахь. Ишбахьа ЭштамуIа-
гIала дIахIоттийра. ЯхIудхо йолчу Мерадан зудчо
дина бераш хIорш дара: Ярад, Хьебар, Якхутиал.
Ярада Гадур-гIала дIахIоттийра, Хьебара – Соха-
гIала, Якхутиала – Занухь-гIала.
[19] Нахьаман йиша йолчу ХIуди-ЯхIун зудчун
кIентий хIорш бара: гармихо волчу КъаIилан да а,
маIхахо волу ЭштамуI а.
[20] ШимIунан хIара кIентий хилира: Амнан, Рина,
Бен-Хьанани, Тилун.
Ишхьин хIара кIентий хилира: Зухьати, Бен-
Зухьати.

### Шейлин тIаьхье

[21] ЯхIудан кIант волчу Шейлин кIентий хIорш
бара: Лека-гIала дIахIоттийна волу Iаьр, Мареша-
гIала дIахIоттийна волу ЛаIда, Байт-АшбаI-гIалара
ветанан кIади деш хилла долу тукхамаш, [22] иштта
цуьнан тIаьхьенах бара хIорш: Йокхам а, Хузба-
гIалара бахархой а, кхин а Юаш а, *Сарап* а.
Цушиммо Муаби-махкахь а, Яшуби-Лехьамахь а
олалла дора. (Царах лаьцна яздина хилларг
ширачу тептарш тIера ду.) [23] Шейлин кIенташа
кхийра пхьегIаш йора. Уьш НатиIам-гIалахь а,
Гадира-гIалахь а Iаш бара, паччахьна гIуллакх а
деш.

### ШимIин тIаьхье

[24] ШимIин хIара кIентий хилира: Намуал, Ямин,
Ярби, Зерахь, Шаул. [25] Шаулан хилира кIант Шалум.
Шалуман хилира кIант Мибасам. Мибасаман
хилира кIант МишмаI. [26] МишмаIан тIаьхье иштта
яра: цуьнан хилира кIант Хьамуал. Закхур хилира
Хьамуалан кIант. Закхуран кIант хилира ШамаIи.
[27] ШамаIин ялхитта кIант а, ялх йоI а хилира. Ткъа
ШамаIин вежарийн бераш дукха ца хилира.
ЯхIудан тайпа санна доккха ца хилла ШамаIин
тIаьхьенан долу дерриг а тукхам.
[28] ‡Уьш бехаш бара Беар-ШабаI а, Мулада а,
Хьацар-ШуIал а гIаланашкахь. [29] Иштта Балхьат а,
Iацам а, Тулад а, [30] Бетаал а, Хьорма а, ЦакхелагI а,
[31] Байт-Маркабут а, Хьацар-Сусам а, Байт-Бари а,

† *ЯIабац *– и цIе Iебархойн маттахь «лазар» олучу дашах тера ду.**

†† *Цхьадолчу ширачу гочдарш тIехь: *МаIунутай. *Iебархойн тептар тIехь и цIе яц.**
‡ *4:28-33 ЮшаI 19:2-8.*

ШаIрайм а гIаланашкахь а бехира уьш. И гIаланаш
церан долахь хилла Дауда паччахьалла даллалц.
32 Церан пхи гIала хилла шайн ярташца: IайтIам,
Iейн, Римун, Тухан, Iашун. 33 Иштта оцу гIаланашна
гонах хилла йолу ярташ а БаIалт-гIалина
тIекхаччалц церан долахь яра. Иштта яра уьш баха
охьахевшина меттигаш а, церан схьабовлар а цу
тайпана дара.
34 Машубаб, Ямлекха, Амци-ЯхIун кIант Юша,
35 Юал, Iасиалан кIентан Сари-ЯхIун кIант Йошби-
ЯхIун кIант ЯхIу, 36 ЭлъюIинай, ЯIакхуба, Яшухь-
ЯхIу, Iаси-ЯхIу, Iадиал, Яшмиал, БенъяхIу, 37 ШамIа-
ЯхIун кIентан Шимрин кIант волчу а, Яди-ЯхIун
кIентан Iалунан кIант волчу ШипаIан кIант волу
Зиза а – 38 уьш шайн тукхамийн баьччанаш бара.
Церан тIаьхье чIогIа дебнера. 39 Шайн
хьайбанашна дежийла лоьхуш, Гадур-махкана а,
цунна малхбалехьа йолчу тогIина а тIекхаччалц
дIабаханера уьш. 40 Шаьш баханчохь царна токх
йолу а, дика а дежийла карийна. Иштта боккха а,
тийна а, шайна кхерам боцу а мохк карийна хилла
царна. Уьш цига кхачале, цигахь кIеззиг болу
хьамахой бен бехаш ца хиллера.
41 ЯхIудхойн паччахь волчу Хьузакх-ЯхIун
заманахь, и цIераш хилларш, схьа а баьхкина,
хьамахойн четаршна а, цигахь бехаш болчу
маIунхошна а тIелеттера. Цара уьш берриш а
хIаллакбина. Таханлерчу денна тIекхаччалц а иза
иштта ду. Церан метта уьш цигахь баха
охьахевшина, хIунда аьлча жа дажо меттигаш
хилла царна цигахь. 42 Ткъа царна юкъара ШимIин
тIаьхьенах хилла волу пхи бIе стаг СеIир-
лаьмнашка ваханера. Церан коьртехь хилла Палти-
ЯхIу, НаIар-ЯхIу, Рапи-ЯхIу, Iузиал. Уьш Ишхьин
тIаьхьенах хилла. 43 Цигахь дийна бисина болу
Iамалекхахой байа а байина, баха охьахевшина
уьш. Таханлерчу денна тIекхаччалц уьш цигахь
бехаш бу.

### Раабанан тIаьхье

5 [†]Исраилан дуьххьарлера доьзалхо волчу
Раабанан кIентий хIорш бара. (Иза
дуьххьарлера доьзалхо вара, амма цо шен да
дIавуьжу мотт сийсазбаьккхина дела, дуьххьарлера
доьзалхочун бакъонаш Исраилан кIант волчу
Юсупан кIенташна дIаеллера. Иза бахьанехь
Раабанан цIе дуьххьарлерчу доьзалхочун санна
дIаязйина яц. 2 [††]ЯхIуд шен вежарел нуьцкъала
хиллехь а, цуьнан тайпанара халкъан куьйгалхо
схьаваьллехь а, дуьххьарлерчу доьзалхочун
бакъонаш Юсупан долахь хиллера.) 3 Исраилан
дуьххьарлера доьзалхо волчу Раабанан кIентий
хIорш бара: Хьанах, Палу, Хьацрани, Карма.
4 Юалан тIаьхье иштта яра: Юалан кIант хилира
ШамIа-ЯхIу, ШамIа-ЯхIун кIант хилира ГIогI, ГIогIан
кIант – ШамаIи, 5 ШамаIин кIант – Мика, Микин
кIант – Раи-ЯхIу, Раи-ЯхIун кIант – БаIал, 6 [‡]БаIалан
кIант – Баира. Иза вара Ашурхойн паччахь волчу
ТилгIат-Пилнасара [‡†] йийсаре вигнарг. Баира
раабанхойн баьчча вара.
7 Ткъа Баиран вежарий, церан тукхамашка а,
церан схьабовларе а хьаьжжина, иштта дIаязбина
бу: коьртаниг ЯIиал хилла, ткъа цул тIаьхьа Закри-
ЯхIу а, 8 БулаI а. БулаI вара Юалан кIант волчу
ШемаIан кIентан Азазан кIант. Раабанхой бехаш
бара IаруIер-гIалара дуьйна Набу а, БаIал-МаIун а
гIаланашна тIекхаччалц йолчу меттигашкахь.
9 Малхбалехь, Эпрат-хина тIекхаччалц йолчу
яьссачу аренан йисте кхочучу меттигашкахь, баха
охьахевшира уьш, хIунда аьлча ГалIад-махкахь
церан даьхни чIогIа дебнера.
10 Шаула паччахьалла дечу заманахь раабанхой
хIагирхошца тIом беш бара. ХIагирхой эша а бина,
ГалIад-мехкан малхбалехьарчу ерриге а
меттигашкахь церан четарш чохь баха
охьахевшинера уьш.

### Гадин тIаьхье

11 Ткъа Гадин тIаьхье ехаш яра раабанхошна
къуилбаседехьа агIор йолчу Салха-гIалина
тIекхаччалц болчу Башан-махкахь. 12 Башан-
махкахь коьртаниг Юал вара, шолгIаниг – Шапами,
царал тIаьхьа ЯIнай а, Шапти а. 13 Церан доьзалшка
хьаьжжина, хIара бархI вара церан гергара:
Микаал, Машулим, ШебаI, Юрай, ЯIакхан, ЗиIа,
Iебар. 14 Уьш Абу-Хьаилан тIаьхьенах берш бара.
Ткъа Абу-Хьаил вара Хьурин кIант, Хьури вара
Ярухьин кIант, Ярухь вара ГалIадан кIант, ГалIад
вара Микаалан кIант, Микаал вара Яшишайн кIант,
Яшишай вара ЯхIдун кIант, ЯхIду вара Бузин кIант.
15 Гунин кIентан Iабдиалан кIант Ахьи церан
доьзалан коьртаниг вара. 16 Уьш бара ГалIадехь а,
Башанехь а цуьнца йоьзна йолчу гIаланашкахь а,
иштта Шарон-аре чекхъяллалц йолчу массо а
дежийлаш йолчохь а бехаш. 17 (Оцу тIаьхьенах
болчу массеран а цIераш дIаязйина хилла
яхIудхойн паччахь Йовтам а, исраилхойн паччахь
ЯрбаIам хиллачу заманахь.)

### Малхбалехьарчу тайпанийн эскарш

18 Раабанан а, Гадин а тайпанна а, Маннашан
ахтайпанна а юкъахь вара доьналла а долуш,
карахь турссий, туррий а лелош, секхаIад кхосса а
хууш, лата Iамийна а, тIом бан кийча волу а
шовзткъе виъ эзар ворхI бIе кхузткъа эскархо.
19 Цара хIагирхошца а, Етарца а, Напушица а,
Нудабца а тIом бира. 20 Цара мостагIашна дуьхьало
ечу хенахь, Дала царна гIо дира. ХIагирхой а, церан
долахь хилла долу массо а хIума а оцу тIемалойн
кара дахийтира, хIунда аьлча шаьш тIом бечу
хенахь цара Деле кхайкхинера. Ткъа и тIемалой
Шех тешна бехаш хилла дела, Далла уьш

† 5:1 Доладалар 35:22; 49:3, 4. †† 5:2 Доладалар 49:8-10.

‡ 5:6 Дауд 15:29. ‡† ТилгIат-Пилнасар *– иза ТигIлат-Палиасаран кхин цIе ю.*

дІахезнера. [21] Оцу тІемалоша церан даьхни шайна
дІаийцира. Цу юкъахь яра шовзткъе итт эзар эмкал
а, ши бІе шовзткъе итт эзар уьстагІ а, газа а, ши
эзар вир а, цхьа бІе эззар адам а. [22] И тІом Делера
болу дела, дукха адам хІаллакьхиллера. Ткъа и
тІемалой шайн халкъаца исраилхой йийсаре
дІабиггалц бехаш Іийра цу махкахь,
хІаллакбинчеран метта.

### Малхбалехьа ехаш хилла йолу Маннашан ахтайпанан тІаьхье

[23] Маннашан ахтайпанан тІаьхье ехаш яра
Башан-махкара дуьйна БаІал-Хьермонна а,
Санирна а, Хьермон-лаьмнашна а тІекхаччалц
болчу махкахь. Уьш чІогІа дукха бара. [24] Церан
доьзалийн баьччанаш хІорш бара: Іайпар, Ишхьи,
Элиал, Іазриал, Ярми-ЯхІу, ХІудав-ЯхІу, ЯхІдиал.
Уьш бара майра тІемалой, цІеяхна нах, шайн
доьзалийн баьччанаш.

### Малхбалехьара тайпанаш йийсаре дигар

[25] Амма, шайн дайн Далла тешаме а ца хуьлуш,
Дала шайна уллора оцу махкана чуьра дІалелхийна
долчу къаьмнийн деланашна тІаьхьа а хІиттина,
оцу къаьмнех терра сийсаза лелара уьш. [26] †ТІаккха
Исраилан Дала, ашурхойн паччахьан ПІулин (иза
ТигІлат-Палиасар ву) са карзах а даькккхина,
раабанхой а, гадахой а, Маннашан ахтайпанан
тІаьхье а йийсаре дІайигийтира. Уьш Хьалахь-гІала
а, Хьабур а, ХІари а цІераш йолчу меттигашка а,
Газун-гІалин хин йисте а дІабигира. Таханлерчу
денна тІекхаччалц уьш цигахь бехаш бу.

### Левин тІаьхье

6 Левин кІентий хІорш бара: ГІиршан, КхахІат,
Мерари. [2] КхахІатан кІентий хІорш бара:
Іамрам, Ицхьар, Хьеврон, Іузиал.
[3] Іамраман бераш хІорш дара: АхІарон, Муса,
Марем.
АхІаронан кІентий хІорш бара: Надаб, АбихІу,
ЭлиІазар, Итамар.
[4] ЭлиІазаран хилира кІант Пайнехьас. АбишуІ
Пайнехьасан кІант вара. [5] АбишуІан кІант вара
Букхай. Букхайн кІант вара Іузи. [6] Іузин кІант вара
Зарахь-ЯхІу. Зарахь-ЯхІун кІант вара Маръюти.
[7] Маръютин вара кІант Амар-ЯхІу. Амар-ЯхІун кІант
вара Ахьтуби. [8] Ахьтубин кІант вара ЦІадукъа.
ЦІадукъин кІант вара АхьимаІац. [9] АхьимаІацан
кІант вара Іазар-ЯхІу, ткъа Іазар-ЯхІун кІант вара
Йохьан. [10] Йохьанан кІант вара Іазар-ЯхІу. Иза вара
Ярушалаймехь Сулим-паччахьо дІахІоттийначу
*Делан цІа* чохь *динан да*. [11] Іазар-ЯхІун кІант вара
Амар-ЯхІу, ткъа Амар-ЯхІун кІант вара Ахьтуби.
[12] Ахьтубин кІант вара ЦІадукъа, ткъа ЦІадукъин
кІант вара Шалум. [13] Шалуман кІант вара Хьалкхи-
ЯхІу, ткъа Хьалкхи-ЯхІун кІант вара Іазар-ЯхІу.
[14] Іазар-ЯхІун кІант вара Сари-ЯхІу, ткъа Сари-ЯхІун
кІант вара ЯхІу-ЦІадакъа. [15] Везачу Эло Набухди-
Нецаран куьйгахула ЯхІуд-мехкан а, Ярушалайм-
гІалин а бахархой йийсаре дІабигийтинчу хенахь,
ЯхІу-ЦІадакъа цаьрца цхьаьна йийсаре вахара.

### Левин кхийолу тІаьхье

[16] ††Иштта Левин кІентий хІорш бара: ГІиршан,
КхахІат, Мерари. [17] ХІорш ю ГІиршанан кІентийн
цІераш: Ливани, ШамаІи. [18] КхахІатан кІентий
хІорш бара: Іамрам, Ицхьар, Хьеврон, Іузиал.
[19] Мерарин кІентий хІорш бара: Махьли, Мушхьи.
Левин тІаьхьенах схьадевлла тукхамаш, церан
доьзалшка хьаьжжина, хІорш ду: [20] ГІиршанан
тІаьхье иштта яра: цуьнан кІант вара Ливани.
Ливанин кІант вара Яхьат. Зами вара Яхьатан
кІант. [21] Замин кІант вара Юахьи. Ткъа Юахьин
кІант вара Ида. Зерахь Іидун кІант вара. Зерахьан
кІант вара Яатрай.
[22] КхахІатан тІаьхье иштта яра: Іамминадаб
цуьнан кІант вара. Кхорахь Іамминадабан кІант
вара. Асар Кхорахьан кІант вара. [23] Асаран кІант
вара Элкхан. Элкханан кІант Аби-Аса хилира. Аби-
Асин кІант вара Асар. [24] Асаран кІант вара Тахьат.
Тахьатан кІант вара Уриал. Іузи-ЯхІу Уриалан кІант
вара. Іузи-ЯхІун кІант Шаул хилла.
[25] Элкханан кІентий бара Іамсай а, Ахьимут а.
[26] Ахьимутан кІант вара Элкхана. Элкханан кІант
вара Цупай. Цупайн кІант вара Нахьати.
[27] Нахьатин кІант вара Элиаб. Элиабан кІант вара
Ярохьам. Ярохьаман кІант вара Элкхана. Ткъа
Элкханан кІант вара Шамъал.
[28] Шамъалан кІентий хІорш бара: дуьххьарлерниг
– Юал, шолгІаниг – Аби-ЯхІу.
[29] Мерарин тІаьхье иштта яра: цуьнан кІант вара
Махьли. Махьлин кІант вара Ливани. Ливанин
кІант вара ШамаІи. ШамаІин кІант вара Іуза.
[30] Іузин кІант вара ШимІа. ШимІин кІант вара
Хьаги-ЯхІу. Хьаги-ЯхІун кІант вара Іаси-ЯхІу.

### Везачу Элан цІийнан зурманчаш

[31] Делан тІорказ дІахІоттийначу хенахь дуьйна,
Везачу Элан цІийнан кертахь Дауда илланчашна
тІехь хьаькамаш хІиттийнера. [32] Ярушалаймехь
Сулима Везачу Элан цІа дІахІоттадаллалц, Делан
гуламан четарна хьалха илланчаш санна гІуллакх
деш бара уьш. Шайна тІедехкинчу парзашка
хьаьжжина, шайн белхаш кхочушбора цара.
[33] Цигахь шайн тІаьхьенашца гІуллакх динарш
хІорш бара:
кхахІатхойн тІаьхьенах зурманча вара ХІайман.
Иза Юалан кІант вара, ткъа Шамъалан кІант вара
Юал. [34] Элкханан кІант вара Шамъал. Ярохьаман
кІант вара Элкхан. Элиалан кІант вара Ярохьам.
Товхьин кІант вара Элиал. [35] Цупин кІант вара
Товхьа. Элкханан кІант вара Цупа. Махьатан кІант

† 5:26 *а: Дауд 15:19; б: Дауд 15:29; в: Дауд 17:6.*

†† *6:16-19 Арадаккхар 6:16-19.*

вара Элкхан. Iамсайн кIант вара Махьат.
36 Элкханан кIант вара Iамсай. Юалан кIант вара
Элкхан. Юал Iазар-ЯхIун кIант вара. Iазар-ЯхIу вара
Цапни-ЯхIун кIант. 37 Цапни-ЯхIу Тахьатан кIант
вара. Тахьат Асаран кIант вара. Асар вара Аби-Асин
кIант. Аби-Аса вара Кхорахьан кIант. 38 Кхорахь
Ицхьаран кIант вара. Ицхьар вара КхахIатан кIант.
КхахIат Левин кIант вара. Леви Исраилан кIант
вара.
39 ХIайманна аьтту агIор лаьттачу цуьнан гергара
волчу Асайпа зурманчин гIуллакх дора. Асайп вара
Берех-ЯхIун кIант. Берех-ЯхIу ШимIин кIант вара.
40 ШимIа Микаалан кIант вара. Микаал БаIас-ЯхIун
кIант вара. БаIас-ЯхIу вара Малки-ЯхIун кIант.
41 Малки-ЯхIу вара Этанин кIант. Этани вара
Зерахьан кIант. Зерахь вара Iади-ЯхIун кIант.
42 Iади-ЯхIу вара Этанан кIант. Этан вара Замин
кIант. Зами вара ШамаIин кIант. 43 ШимIа вара
Яхьатан кIант. Яхьат вара ГIиршанан кIант.
ГIиршан вара Левин кIант.
44 ХIайманна аьрру агIор а лаьтташ, зурманчин
гIуллакх дора церан гергара йолчу мерарихойн
тIаьхьенах волчу Кхишин кIанта Этана. Кхиши
Iабдин кIант вара. Iабди вара Малукан кIант.
45 Малук Хьашби-ЯхIун кIант вара. Хьашби-ЯхIу
вара Амци-ЯхIун кIант. Амци-ЯхIу вара Хьалкхи-
ЯхIун кIант. 46 Хьалкхи-ЯхIу вара Амцин кIант. Амци
вара Банин кIант. Бани Шемаран кIант вара.
47 Шемар вара Махьлин кIант. Махьли Мушхьин
кIант вара. Мушхьи Мерарин кIант вара. Ткъа
Мерари Левин кIант вара.
48 Церан вежарий болу левихой дIахIиттийнера
Делан цIа долчу четарца доьзна долу цхьацца
гIуллакхаш дан.

### АхIаронан тIаьхье

49 АхIарон а, цуьнан тIаьхье а дийнаташ дагоран
а, хаза хьожа йоуьйту хIуманаш ягоран а
кхерчашна тIехь сагIа доккхурш бара. Иштта,
царна тIедехкина дара Везачу Элан цIийнан уггар
езачу чоьнна чохь бан мел безаш болу белхаш бар
а, Исраилан халкъан дуьхьа къинош дIадахаран
Iадат кхочушдар а, Делан ялхо хиллачу Мусас
шайна тIедиллина ма-хиллара. 50 АхIаронан тIаьхье
иштта яра: цуьнан кIант вара ЭлиIазар. ЭлиIазаран
кIант вара Пайнехьас. АбишуI вара Пайнехьасан
кIант. 51 АбишуIан кIант Буккхай вара. Iузи Буккхайн
кIант вара. Зарахь-ЯхIу Iузин кIант вара. 52 Зарахь-
ЯхIун кIант вара Маръюти. Маръютин кIант вара
Амар-ЯхIу. Ахьтуби вара Амар-ЯхIун кIант.
53 ЦIадукъа Ахьтубин кIант вара. ЦIадукъин кIант
вара АхьимаIац.

### Левихой баьхна меттигаш

54 Шайн меттаметташкахь левихой Iаш хилла
меттигаш хIорш ю: шайна дуьххьара кхаж баьлла
дела, кхахIатхойн тукхамах схьаяьллачу АхIаронан
тIаьхьенна 55 еллера ЯхIуд-махкара Хьеврон-гIала
а, цунна гонах долу дежийлаш а. 56 Ткъа оцу гIалина
чудогIуш долу кхаш а, ярташ а Епунин кIантана
Килабана дIаеллера. 57 Иштта, АхIаронан
тIаьхьенна еллера: Хьеврон (иза лурбоьлла нах
ловчкъу гIала яра), Либна а, цунна гонах долу
дежийлаш а, Итар-гIала а, ЭштамуI-гIала а, цунна
гонах долу дежийлаш а, 58 Хьилаз-гIала а, Дибар-
гIала а, царна гонах долу дежийлаш а, 59 Iашун,
Байт-Шамаш гIаланаш а, царна гонах долу
дежийлаш а. 60 Ткъа Бен-Яманан тайпанан махкахь
кхахIатхошна еллера: ГибаI-гIала, Iаламат-гIала,
Iанатот-гIала, царна гонах долу дежийлаш. Церан
тукхамана елла хилла йолу гIаланаш ерриг а
кхойтта хилла. 61 КхахIатхойн оцу гаранах йолчу
кхечу тIаьхьенна, кхаж а баьлла, Маннашан
ахтайпанан долахь хиллачу декъах итт гIала
еллера.
62 ГIиршанан тIаьхьенах долчу тукхамашна, кхаж
а баьлла, Иссарханан а, Ашаран а, Напталан а
тайпанийн а, Башанерачу Маннашан ахтайпанан а
латтанаш тIера кхойтта гIала еллера. 63 Мерарин
тIаьхьенах долчу тукхамашна, кхаж а баьлла,
Раабанан а, Гадин а, Забулан а тайпанийн
латтанаш тIера шийтта гIала еллера. 64 Иштта
гIаланаш а, царна гонахара дежийлаш долу латта а
деллера левихошна исраилхоша. 65 Кхаж а баьлла,
ЯхIудан а, ШимIин а, Бен-Яманан а тайпанийн
латтанаш тIера массо а цIераш техкина йолу
гIаланаш еллера цара.
66 Ткъа кхахIатхойн тIаьхьенах долчу цхьадолчу
тукхамашна Эпрайман тайпанах болчийн гIаланаш
еллера. 67 Царна еллера Эпрайман лам тIехь йолу
Шехем-гIала а (иза лурбоьлла нах ловчкъу гIала
яра), ГIазар-гIала а, церан дежийлаш а. 68 Иштта
ЯкхмаIам-гIала а, цунна гонахара дежийлаш а,
Байт-Хьорон а, цунна гонахара дежийлаш а,
69 Айлон а, Гати-Римун а гIаланаш а, царна
гонахара дежийлаш а. 70 Маннашхойн ахтайпанан
лаьттара кхахIатхойн йисинчу тукхамашна еллера
Iанури-гIала а, БалиIам-гIала а, царна гонахара
дежийлаш а.
71 ГIиршанан тIаьхьенна еллера: маннашхойн
ахтайпанан лаьтта тIера Башанехь йолу Голан-
гIала а, Iаштарат-гIала а, царна гонахара дежийлаш
а.
72 Иссарханан тайпанан лаьттара царна еллера
Кхедаш а, Дубрат а гIаланаш а, царна гонахара
дежийлаш а, 73 иштта Рамат а, Iанейм а гIаланаш а,
царна гонахара дежийлаш а.
74 Ашаран тайпанан лаьтта тIера царна еллера
Машал а, Iабдани а гIаланаш а, царна гонахара
дежийлаш а, 75 иштта Хьукхакх а, Рахьуб а гIаланаш
а, царна гонахара дежийлаш а.
76 Напталан тайпанан лаьттара царна еллера
Галилай-махкара Кхедаш-гIала а, Хьамун-гIала а,
Кхиръятим-гIала а, царна гонахара дежийлаш а.

77 Левихойх йисина йолчу Мерарин тIаьхьенна
еллера Забулан тайпанан лаьтта тIера Римун а,
Табур а гIаланаш а, царна гонахара дежийлаш а.
78 Йордан-хина малхбузехьа лаьтташ йолчу
Ерихон-гIалина дуьхьал агIор малхбалехьа болчу
махкара раабанхойн тайпанан лаьтта тIера еллера
яьссачу аренгара Бацар-гIала а, ЯхIац-гIала а,
царна гонахара дежийлаш а, 79 Кхадимут а,
МейпаIат а гIаланаш а, царна гонахара дежийлаш
а.
80 Гадин тайпанан лаьтта тIера еллера ГалIад-
махкара Рамат а, Махьанайм а, царна гонахара
дежийлаш а, 81 иштта Хьешбон а, ЯIзир а гIаланаш
а, царна гонахара дежийлаш а.

## Иссарханан тIаьхье

7 Иссарханан виъ кIант вара: ТовлаI, Пува,
Яшаб, Шимрон.
2 ТовлаIан кIентий хIорш бара: Iузи, Рапи-ЯхIу,
Яриал, Яхьмай, Ибсам, Шамуал. Уьш шайн
доьзалийн баьччанаш бара. Шайн тIаьхьенашна
юкъахь ницкъболу тIемалой хилла и нах. Даудан
заманахь царна юкъахь тIамана кийча волу ткъе
ши эзар ялх бIе стаг хилла (22600).
3 Iузин кIант вара Израхь-ЯхIу. Ткъа Израхь-ЯхIун
кIентий бара: Микаал, Iабди-ЯхIу, Юал, Йоши-ЯхIу.
И пхиъ шайн доьзалийн баьчча вара. 4 Оцу нехан
дуккха а зударий а, бераш а хилла дела, церан
тIаьхьенашка а, доьзалшка а хьаьжжина, царах
схьаваьллера тIамана кийча волу ткъе ялхитта
эзар стаг (36000).
5 Ткъа Иссарханан массо а тIаьхьенийн доьзалш
дIаязбечу тептарш тIехь дIаязвинера дика тIемало
волу везткъе ворхI эзар стаг (87000).

## Бен-Яманан тIаьхье

6 Бен-Яманан кхо кIант вара: БулаI, Бахри,
ЕдиIаал.
7 БулаIан пхи кIант вара: Эцбон, Iузи, Iузиал,
Еримати, Iири. Уьш, шайн доьзалийн баьччанаш а
болуш, дика тIемалой бара. ТIаьхьенийн доьзалш
дIаязбечу тептарш тIехь царах дIаязвина вара ткъе
ши эзар ткъе вейтта тIемало (22034).
8 Бахрин кIентий хIорш бара: Замари, Юаш,
ЭлиIазар, ЭлъюIинай, Iумари, Еримати, Аби-ЯхIу,
Iанатот, Iаламат. Уьш берриш а Бахрин кIентий
бара. 9 ТIаьхьенийн доьзалш дIаязбечу тептарш
тIехь царах дIаязбина бара церан доьзалийн
баьччанаш а, ткъа эзар ши бIе тIемало а (20200).
10 ЕдиIаалан кIант вара БилхIан. Цуьнан кIентий
хIорш бара: ЕIуш, Бен-Яман, АхIуд, КинаIан, Зитани,
Таршаш, Ахьи- *Шахьар*. 11 ЕдиIаалан массо а
кIентий шайн доьзалийн баьччанаш бара. Церан
тIаьхьенашна юкъахь тIамана кийча волу
вуьрхIитта эзар ши бIе дика тIемало вара (17200).
12 Шупайм а, Хьупим а бара Iирин кIентий. Ткъа
Хьушим Ахьеран кIант вара.

## Напталан тIаьхье

13 Балхьатан кIант волчу Напталан кIентий бара:
Яхьциал, Гуни, Йицар, Шалум.

## Маннашан тIаьхье

14 Маннашан кIентий бара: арамхо йолчу
*гIарбаш-зудчо* вина волу Асриал а, иштта ГалIадан
да Макир а. 15 Макира Хьупиме а, Шупайме а
зударий балабайтира. Цуьнан йишин цIе МаIха
яра. ШолгIачу кIентан цIе яра Цалпихьад.
Цалпихьадан йоIарий бен ца хилла.
16 Макиран зудчо МаIхас, кIант а вина, цуьнан цIе
Параш тиллира. Парашан ваша Шераш вара, ткъа
Парашан кIентий бара: Улам, Рекхам. 17 Уламан
кIант вара Бедан. Иштта бара Маннашан кIентан
Макиран кIант волчу ГалIадан кIентий.
18 Цуьнан йишас Мулката а бира кIентий: ИшхIуд,
Абу-Iезар, Махьила. 19 ШамидаIан кIентий хIорш
бара: Ахьъян, Шехем, Ликхахьи, АнIами.

## Эпрайман тIаьхье

20 Эпрайман тIаьхье иштта яра: цуьнан кIант вара
Шутлахьи. Шутлахьин кIант вара Баред. Бареда
кIант вара Тахьат. Ткъа Тахьатан кIант вара Эли-
Iада. Эли-Iадин а кIант хилира Тахьат. 21 Цу
Тахьатан кIант вара Забад. Забадан кIант вара
Шутлахьи. Эпрайман кхин а ши кIант вара: Iезар,
ЭлиIад. Гати-гIалара схьабевллачу цхьаболчу
бахархоша Iезар а, ЭлиIад а вийна хилла, жа
схьадаккха дагахь, шаьш долчу уьш баьхкича.
22 Церан дас Эпрайма, шен кIенташна воьлхуш,
гIайгIанехь дикка хан яьккхира. Эпрайман
вежарша, цунна тIе а богIий, тевеш хилла иза.
23 ТIаккха, Эпрайм кхин а цкъа шен зудчух
кхеттачул тIаьхьа, зудчо цунна кIант вира. Эпрайма
цунна, БериI аьлла, цIе тиллира (Iебархойн маттахь
и цIе «бохам» бохучух тера ю), шен цIенна бохам
тIебеана хилла дела.
24 Шаират цIе йолуш, йоI а яра Эпрайман.
Шаирата дIахIоттийра Лахара а, Лакхара а Байт-
Хьорон гIаланаш а, иштта Узан-Шаира цIе йолу
гIала а.
25 Эпрайман кIант вара Репахь. Решап Репахьан
кIант вара. Тилхьа вара Решапан кIант. Тилхьин
кIант вара Тахьан. 26 Тахьанан кIант вара ЛаIдан.
ЛаIданан кIант вара IамихIуд. Эли-ШамаI вара
IамихIудан кIант. 27 ЭлишамаIан кIант вара Нуна.
Ткъа Нунин кIант вара ЮшаI.
28 Уьш баьхна йолу церан долахь хилла меттигаш
хIорш яра: Бетал-гIала а, цуьнца йоьзна йолу кхин
ярташ а, малхбалехьа йолу НаIран-гIала а,
малхбузехьа йолу ГIазар-гIала а, цуьнца йоьзна
йолу ярташ а, иштта Шехем-гIала а, цуьнца йоьзна
йолу ярташ а, шеца йоьзначу ярташца йолчу Iайи-
гIалина тIекхаччалц.

29 Ткъа Маннашан тӀаьхьенах болчийн долахь яра
хӀара гӀаланаш: Байт-Шеан, ТаӀнак, МагӀидда, Дор,
цаьрца йоьзна йолу ярташ.
Цу гӀаланашкахь ехаш яра Исраилан кӀентан
Юсупан тӀаьхье.

### Ашаран тӀаьхье

30 Ашаран кӀентий хӀорш бара: Имани, Ишва,
Ишви, БериӀ. Церан йиша яра Серахь.
31 БериӀан кӀентий хӀорш бара: Хьебар, Малкиал.
(Малкиала дӀахӀоттийра Бирзайт-гӀала.)
32 Хьебаран кӀентий хӀорш бара: Яплати, Шумар,
Хьотам. Ткъа церан йиша ШуӀа яра.
33 Яплатин кӀентий хӀорш бара: Пасак, БимхӀали,
Ӏашвати. Уьш бара Яплатин кӀентий.
34 Яплатин вешин Шумаран кӀентий хӀорш бара:
РухӀаги, Хьуба, Арам.
35 Яплатин вешин ХӀалиман кӀентий хӀорш бара:
Цупахьи, ИмнаӀ, Шелша, Ӏамла.
36 Цупахьин кӀентий хӀорш бара: Сухьа,
Хьарнипар, ШуӀал, Бирай, Имари, 37 Бацар, ХӀуда,
Шама, Шилша, Итран, Баира.
38 ИтӀаран кӀентий хӀорш бара: Епуни, Писапи,
Ари. 39 Ӏулин кӀентий хӀорш бара: Арахьи, Хьаниал,
Рица-ЯхӀу.
40 Ашаран тӀаьхьенах болу и нах шайн доьзалийн
баьччанаш бара. Уьш, коьрта хьаькамаш а болуш,
исбаьхьа а, доьналла долу а тӀемалой бара.
Эскархойн цӀераш дӀаязъечу тептар тӀехь оцу
тӀаьхьенах тӀамана кийча дӀаязвинарг вара ткъе
ялх эзар стаг (26000).

### Бен-Яманан тӀаьхье

8 Бен-Яманан дуьххьарлера кӀант вара БулаӀ,
шолгӀаниг – Ашбели, ткъа кхозлагӀниг –
Ахьарахьи. 2 Цуьнан воьалгӀа кӀант вара Нухьа,
пхоьалгӀаниг – Рапа.
3 БулаӀан кӀентий хӀорш бара: Адар, Гери, АбихӀуд
†, 4 АбишуӀ, НаӀаман, Ахьохь, 5 Гери, Шапупан,
Хьурам.
6 Ахьудан тӀаьхье хӀара яра (ГибаӀ-гӀалара
Манахьат-гӀала дӀабигна болчу доьзалийн
баьччанаш бара уьш): 7 НаӀаман, АхьъяхӀу, Гери.
Гери ву уьш кхечу гӀала баха дӀабигина хилларг.
Герин кӀентий бара Ӏузи а, АхьъяхӀуд а.
8 Хьушим а, БаӀарат а цӀераш йолу шен зударий
дӀа а бахийтина, Муаби-махкахь вехаш вара
Шахьарайм. Цу хенахь цуьнан кӀентий хилира.
9 Иштта цуьнан зудчо Хьудаша бира кӀентий: Ябаб,
Цивъя, МешаӀ, Малкам, 10 ЯӀуца, Шахи-ЯхӀу,
Мирами. Уьш доьзалийн баьччанаш хилла болу
Шахьарайман кӀентий бара.
11 Хьушима цунна бина кӀентий хӀорш бара:
Абитуб, Эли-ПаӀал.

12 Эли-ПаӀалан кӀентий хӀорш бара: Ӏебар,
МишиӀам, Шемад. Шемада дӀахӀоттийра Овну а,
Лодди а гӀаланаш а, цаьрца йоьзна йолу ярташ а.
13 Иштта БериӀ а, ШемаӀ а Айлон-гӀаларчу
бахархойн доьзалийн баьччанаш бара. Цара Гати-
гӀалара бахархой дӀалелхийнера. 14 Ахьъю,
Шашакх, Еримати, 15 Забди-ЯхӀу, Ӏарод, Ӏедар,
16 Микаал, Ишпа, Йохьа – уьш берриш а БериӀан
кӀентий бара.
17 Забди-ЯхӀу, Машулим, Хьузакх, Хьебар,
18 Ишмарай, Изли-ЯхӀу, Ябаб – Эли-ПаӀалан кӀентий
бара.
19 Якъим, Зикра, Завади, 20 Эли-Ӏенай, Цилтай,
Элиал, 21 Ӏади-ЯхӀу, Бира-ЯхӀу, Шимрати бара
ШамаӀин кӀентий.
22 Ишпани, Ӏебар, Элиал, 23 Ӏабдани, Зикра,
Хьанан, 24 Хьанан-ЯхӀу, Ӏейлам, Ӏантут-ЯхӀу, 25 Ипад-
ЯхӀу, Пенуал бара Шашакхан кӀентий.
26 Шамширай, Шахьар-ЯхӀу, Ӏатал-ЯхӀу, 27 ЯӀриш-
ЯхӀу, Эли-ЯхӀу, Зикра бара Ярохьаман кӀентий.
28 Уьш, шайн доьзалийн баьччанаш а болуш,
тукхамийн цӀераш дӀаязъеш долчу тептаршка
хьаьжжина, куьйгалхой бара. Ярушалаймехь
бехаш бара уьш.
29 Ткъа ГавӀон-гӀалахь вехаш вара ГавӀон-гӀала
дӀахӀоттийна волу ЯӀиал ††. Цуьнан зудчун цӀе МаӀха
яра. 30 ЯӀиалан дуьххьарлера кӀант Ӏабдани вара.
Цул тӀаьхьа хилира Цура, Къуша, БаӀал, Нер ‡,
Надаб, 31 Гадур, Ахьъю, Захир, 32 Микхлут.
Микхлутан кӀант вара Шема. Уьш шайн вежаршна
уллохь Ярушалаймехь бехаш бара.

### Шаул-паччахьан тукхам

33 Къуша Неран кӀант вара. Къушин кӀант вара
Шаул. ЯхӀуната а, МалкишаӀ а, Абинадаб а, ЭшбаӀал
‡† а бара Шаулан кӀентий. 34 ЯхӀунатин кӀант вара
Мариб-БаӀал ‡‡. Ткъа Мариб-БаӀалан кӀант вара
Мика.
35 Микин кӀентий хӀорш бара: Питун, Малик,
ТаираӀ, Ахьаз. 36 ЯхӀу-Ӏада Ахьазан кӀант вара. ЯхӀу-
Ӏадин кӀентий бара Ӏаламат, Ӏазмават, Зимари.
Зимарин кӀант вара Муца. 37 Муцин кӀант вара
БинӀа. Цуьнан кӀант вара Репа. Репин кӀант вара
ЭлиӀаса. Ацала ЭлиӀасан кӀант вара.
38 Ацалин ялх кӀант вара. Церан цӀераш хӀорш
яра: Ӏазрикхам, Бохру, ИсмаьӀал, ШаӀар-ЯхӀу, Ӏабди-
ЯхӀу, Хьанан. Уьш берриш а Ацалин кӀентий бара.
39 Ацалин вешин Ӏешакхан кӀентий хӀорш бара:
дуьххьарлера кӀант Улам, шолгӀаниг ЕӀуш, ткъа
кхозлагӀниг Эли-Пулат.
40 Уламан кӀентий, секхаӀодаца пхерчий а
кхуьссуш, дика тӀемалой бара. Церан дуккха а

† *Гери, АбихӀуд *– я иштта: *Ахьудан да волу Гери.**

†† *Грекийн гочдар тӀехь: *ЯӀиал. *Ӏебархойн тептар тӀехь и цӀе яц.** ‡ *Грекийн гочдар тӀехь: *Нер. *Ӏебархойн тептар тӀехь и цӀе яц.** ‡† *ЭшбаӀал *– цунах кхин а Иш-Бошат олу «Дауд» цӀе йолчу тептар тӀехь.** ‡‡ *Мариб-БаӀал *– цунах кхин а Мапи-Бошат олу «Дауд» цӀе йолчу тептар тӀехь.**

кIентий а, кIентийн кIентий а хилира. Уьш цхьа бIе шовзткъе итт стаг вара.

Кхузахь дIаязбина болу берриш а Бен-Яманан тIаьхьенах схьабевллера.

### Йийсарера юхадирзина халкъ

9 Иштта массо а исраилхой шайн тукхамашца дIаязбинера *Исраилхойн паччахьийн тептар* тIе.

Ткъа яхIудхой Бавел-махка дIабигнера, уьш Далла тешаме ца хиларна. 2 †Йийсарера юха а бирзина, шайн гIаланашкахь йолчу шайн долахь хиллачу меттигашкахь дуьххьара юха баха охьахевшинарш бара цхьаболу исраилхой а, динан дай а, левихой а, Делан цIийнан кертахь гIуллакх деш болу ялхой а. 3 Ярушалаймехь баха охьахевшира ЯхIудан а, Бен-Яманан а, Эпрайман а, Маннашан а тIаьхьенашкара цхьаболу нах.

4 ЯхIудан кIентан Парасан тIаьхьенах цигахь вара: Iутай. Иза вара IамихIудан кIант. IамихIуд вара Iумарин кIант. Iумари вара Имарин кIант. Ткъа Имари вара Банин кIант. 5 Шилунан тIаьхьенах цигахь хIорш бара: дуьххьарлера доьзалхо волу Iаси-ЯхIу а, цуьнан кIентий а. 6 Зерахьан тIаьхьенах вара ЯIуал а, цуьнан вежарий а.

ЯхIудан тIаьхьенах верг верриг а ялх бIе везткъе итт стаг вара (690).

7 Бен-Яманан тIаьхьенах цигахь баха охьахевшинарш хIорш бара: Салуъ (иза вара Машулиман кIант, ткъа Машулим вара ХIудав-ЯхIун кIант, ткъа иза вара ХIасинуан кIант), 8 Ярохьаман кIант волу Ибна-ЯхIу, Махрин кIентан Iузин кIант волу Эла, Ибни-ЯхIун кIант волчу РаIалан кIентан Шапат-ЯхIун кIант Машулим.

9 Церан тукхамашкахь исс бIе шовзткъе ялхитта стаг вара (956). Массо а и нах шайн доьзалийн баьччанаш бара.

### Ярушалаймехь баьхна болу динан дай

10 Ярушалаймехь динан дайх баьхнарш хIорш бара: Яди-ЯхIу, ЯхIу-Яриб, Якин, 11 Делан цIенна тIехь хьаькам волу Iазар-ЯхIу (иза вара Хьалкхи-ЯхIун кIант, Хьалкхи-ЯхIу вара Машулиман кIант, Машулим вара ЦIадукъин кIант, ЦIадукъа вара Маръютин кIант, ткъа Маръюти вара Ахьтубин кIант), 12 Iади-ЯхIу (иза вара Ярохьаман кIант, Ярохьам вара Пашихьуран кIант, Пашихьур вара Малки-ЯхIун кIант), МаIсай (иза вара Iадиалан кIант, Iадиал вара Яхьзарин кIант, Яхьзари вара Машулиман кIант, Машулим вара Мишламатин кIант, ткъа Мишламати вара Амиран кIант).

13 Шайн доьзалийн баьччанаш болу динан дай цхьа эзар ворхI бIе кхузткъа стаг вара (1760). Уьш говза нах бара, царна тIедиллина дара Делан цIийнаца доьзна долу гIуллакхаш кхочушдар.

† *9:2, 3 Iезар 2:27; Нахьми-ЯхIу 7:73.*

### Ярушалаймехь баьхна болу левихой

14 Левихойх цигахь бехаш хIорш бара: ШамIа-ЯхIу (иза вара Хьашубин кIант, Хьашуби вара Iазрикхаман кIант, Iазрикхам вара Хьашби-ЯхIун кIант, ткъа Хьашби-ЯхIу мерарихойн тIаьхьенах вара), 15 Бакъ-Бакъари, Хьараш, Галали, Матан-ЯхIу (иза вара Микин кIант, Мика вара Зикрин кIант, Зикра вара Асайпан кIант), 16 Iабди-ЯхIу (иза ШамIа-ЯхIун кIант вара, ШамIа-ЯхIу вара Галалин кIант, Галали вара Ядутунан кIант), иштта Элкханан кIентан Асин кIант Берех-ЯхIу а вара. Иза натIупатхойн ярташкахь вехаш хилла.

### Делан цIийнан кевнехь хилла гIаролхой

17 Делан цIийнан кевнехь гIаролхой хилла болу цигахь баха охьахевшинарш хIорш бара: Шалум а, Iаккхуби а, ТIулман а, Ахьиман а, церан вежарий а. (Царах коьртаниг Шалум вара.) 18 Кху ханналц а уьш малхбалехьа долчу Паччахьан кевнехь гIаролхой бу. Уьш левихойн меттаметтанийн кевнашкахь гIаролхой а бара.

19 Шалума (иза вара Кхурин кIант, Кхура вара Аби-Асин кIант, Аби-Аса вара Кхорахьан кIант) а, кхорахьахойх болчу цуьнан гергарчу наха а Делан цIийнан неIсагIина уллохь гIарол дора, церан дайша Везачу Элан меттаматтана чуволлучохь гIарол деш ма-хиллара. 20 ЭлиIазаран кIант Пайнехьас хиллера хьалха царна тIехь хьаькам. Веза Эла а вара цуьнца.

21 Делан цIийнан неIарехь гIарол деш вара Мишлам-ЯхIун кIант Закри-ЯхIу.

22 НеIаршна чуволлучохь гIарол дан схьахаьржинарг верриг а ши бIе шийтта стаг вара (212). Уьш шайн ярташкахь цIераш дIаязъечу тептарш тIе дIаязбина хилла. Уьш тешаме хилла дела, Дауда а, Делера дерг гуш волчу Шамъала а дIахIиттийнера уьш оцу гIуллакхе. 23 Уьш а, церан тIаьхьенаш а Везачу Элан цIийнан кевнехь гIарол деш бара (хьалха Везачу Элан цIийнан метта *Делан четар* дара). 24 Оцу цIийнан еа а агIор – малхбалехьа, малхбузехьа, къилбаседехьа, къилбехьа – латтташ гIаролхой бара. 25 Ткъа шайн ярташкахь Iаш болчу церан гергарчу наха, билгалъяьккхинчу хенахь царна тIе а богIуш, цаьрца цхьаьна ворхI дийнахь гIуллакх дора. 26 Левихо волу и виъ хьаькам тешам болуш вара. Уьш бара Делан цIенна уллохь йолчу чоьнашна а, хазнашна а гIарол дан дIахIиттийна. 27 ГIарол дар шайна тIедиллина дела, цара, Делан цIенна гонах дIа а хIуьттуш, буьйсанаш йохура. ХIора Iуьйранна неIарш дIаелла а езара цара.

### Кхиболу левихой

28 Левихойх цхьаберш бара динан гIуллакх деш лелош йолчу пхьегIашна тIехьажа дIахIиттийна. И пхьегIаш дIалучу а, схьаоьцучу а хенахь ягаръеш

хилла. 29 Вукхарна тIедиллина дара Делан цIийнан
еза хIуманаш а, кхиболу гIирс а, дама а, чагIар а,
зайтдаьтта а, хаза хьожа йогIу сегIаз а, хаза хьожа
йогIу хIуманаш а Iалашъяр. 30 Динан дайх
цхьаболчара хаза хьожа йогIу хIуманаш цхьаьна
эяр кхочушдора.
31 Кхорахьахочун Шалуман дуьххьарлера
доьзалхо волчу левихочун Матит-ЯхIун кара
деллера сагIанашна хIуманаш цIера тIехь яттар.
32 КхахIатхой болчу церан цхьаболчу вежаршна
тIедиллина хилла Далла леринчу хIора шоьтан
дийнахь Цунна бепиг кечдар.
33 Левихойн доьзалийн баьччанаш болу
илланчаш Делан цIийнан кертахь йолчу чоьнаш
чохь Iийра. Уьш кхечу гIуллакхех мукъабаьхна
бара, хIунда аьлча цара дийнаххьий, буьйсанний
шайн корматалла дIакхехьа езара.
34 Левихойн доьзалийн баьччанаш а болуш,
тукхамийн цIераш дIаязъеш долчу тептаршка
хьаьжжина, куьйгалхой бара уьш. Ярушалаймехь
бехаш бара уьш.

### Шаул-паччахьан дай а, тукхамаш а
(1 Шерашкахь 8:29-38)

35 Ткъа ГавIон-гIалахь вехаш вара и гIала
дIахIоттийна волу ЯIиал. Цуьнан зудчун цIе МаIха
яра. 36 ЯIиалан дуьххьарлера кIант Iабдани вара.
Цул тIаьхьа цуьнан хилла кIентий хIорш бара:
Цура, Къуша, БаIал, Нер, Надаб, 37 Гадур, Ахьъю,
Закри-ЯхIу, Микхлут. 38 Микхлутан кIант вара
Шемами. Уьш шайн вежаршна уллохь
Ярушалаймехь бехаш бара.
39 Къуша Неран кIант вара. Къушин кIант вара
Шаул. ЯхIуната а, МалкишаI а, Абинадаб а, ЭшбаIал
† а Шаулан кIентий бара. 40 ЯхIунатин кIант вара
Мариб-БаIал ††. Ткъа Мариб-БаIалан кIант вара
Мика. 41 Микин кIентий бара: Питун, Малик,
ТахьраI, Ахьаз. 42 Ахьазан кIант вара ЯIари. ЯIарин
кIентий бара Iаламат, Iазмават, Зимари. Зимарин
кIант вара Муца. 43 Муцин кIант вара БинIа. БинIин
кIант вара Рапи-ЯхIу. Рапи-ЯхIун кIант вара
ЭлиIаса. Ацала ЭлиIасан кIант вара.
44 Ацалин ялх кIант вара. Церан цIераш хIорш
яра: Iазрикхам, Бохру, ИсмаьIал, ШаIар-ЯхIу, Iабди-
ЯхIу, Хьанан. Уьш Ацалин кIентий бара.

### Шаул-паччахьан дIакхалхар
(Шамъал 31:1-13)

10 ПIелаштамхой Исраилан халкъана дуьхьал
тIом беш бара. ТIаккха и тIом бечу хенахь
исраилхой пIелаштамхойх бевдира. Дукха
исраилхой хIаллакьхилира цу тIамехь. Иза дара
ГилбаI олучу лам тIехь. 2 ТIаккха пIелаштамхой
Шаул-паччахьна а, цуьнан кIенташна а
тIаьхьабевлира. Цу тIамехь цара вийра Шаулан
кIентех кхо кIант: ЯхIуната, Абинадаб, МалкишаI.
3 Шаулна гонах болу тIом чIагIбелира. СекхаIад
кхоссархоша, Шаул волчу агIор пхерчий а
кхиссина, къиза чевнаш йира цунна. 4 ТIаккха шен
герз лелош волчуьнга Шаула элира: «Хьайн тур
баттара а даккхий, иза суна а Iоттий, вехьа со, оцу
сунтбаза болчу пIелаштамхошка со
сийсазвоккхуьйтучул». Амма герзлелориг, ша дукха
кхераваларна, ца хIоьттира иза дан. ТIаккха, шен
тур схьа а даьккхина, цу туьрана тIе вогIавелира
Шаул. 5 Ткъа герзлелориг, Шаул-паччахь велла
хилар шена гича, ша а, шен туьра тIе а вогIавелла,
велира. 6 Иштта велира Шаул-паччахь. Цуьнан
кIентех кхо кIант а, цуьнан цIийнах мел верг а
цуьнца цхьаьна велира. 7 ТIаккха, Шаул-паччахь а,
цуьнан кIентий а беллий а хиъна, иштта берриг
тIемалой дIабовдуш а гина, тогIи чохь болу
исраилхой, шайн ярташ а йитина, дIасабевдира.
Ткъа пIелаштамхой, церан ярташка а баьхкина,
баха охьахевшира.
8 ШолгIачу дийнахь пIелаштамхой беллачарна
тIера мехала йолу хIуманаш схьаяха бахара.
ГилбаI-лам тIе баьхкинчу царна Шаул-паччахьан а,
цуьнан кIентийн а декъий карийра Iохкуш.
9 ПIелаштамхоша Шаулан докъана тIера ерриг а
хIума схьаяьккхира. ТIаккха докъана тIера корта а
баьккхина, цуьнан герз схьа а эцна, шайн мохк мел
бу шайн цIушна а, халкъана а хьалха шаьш динчух
лаьцна дIасадаржадайтира цара. 10 Цул тIаьхьа
пIелаштамхоша Шаулан герз шайн цIуш лаьттачу
цIенна чу диллира, ткъа цуьнан корта шайн дела
ву бохучу ДагIонан цIийнан чохь ирхъоьллира.
11 ГалIад-махкара Явеш олучу гIалара массо
адамна хезира пIелаштамхоша Шаулна динчух
лаьцна. 12 ТIаккха цигахь бехаш болчу майрачу
наха Шаулан а, цуьнан кIентийн а декъий, дIа а
эцна, ГалIадера Явеш-гIала деара. Цигахь оцу
майрачу наха, и декъий ножан дитта кIел дIа а
доьхкина, ворхI дийнахь марханаш кхебира.
13 ‡Иштта, Везачу Эло бохург а ца деш, Цунна
муьтIахь ца хиларна, хIаллакьхиллера Шаул-
паччахь. Везачу Эло аьлларг а ца деш, жинашца
тайна йолчу зудчух дагавала ваханера Шаул.
14 Шаула Веза Эла ца лоьхура дагавала. Цундела и
бахьана долуш Шаул валийтира Везачу Эло. Ткъа
цуьнан пачхьалкхана тIехь деш долу олалла
Юшайн кIентан Даудан кара дIаделира Цо.

### Дауд паччахь хилла дIахIоттар
(Дауд 5:1-10)

11 ТIаккха берриг а исраилхой, гул а белла,
Дауд волчу Хьеврон-гIала баьхкира. Цара
элира Дауде: «Тхо хьан дегI а, цIий а ду. 2 ДIаяханчу
хенахь, Шаул паччахь волуш дуьйна а, тIамехь
исраилхой кIелхьарбохура ахьа. Хьан Везачу Дала
элира хьоьга: „Дауд, хьо хир ву Сан Исраилан

† *ЭшбаIал *– цунах кхин а Иш-Бошат олу «Дауд» цIе йолчу тептар тIехь.** †† *Мариб-БаIал *– цунах кхин а Мапи-Бошат олу «Дауд» цIе йолчу тептар тIехь.**

‡ *10:13 а: Шамъал 13:8-14; 15:1-24; б: Iамалъяр 19:31; 20:6; Шамъал 28:7, 8.*

халкъан Iу. Хьо хир ву Сан Исраилан халкъан
баьчча“».
[3] ТIаккха Исраил-махкара берриг а къаной Дауд
волчу Хьевроне баьхкира. Ткъа Дауда Хьевронехь
къаношца барт бира Везачу Элана хьалха.
Къаноша Дауд Исраил-мехкан паччахь хилар
дIакхайкхийра, Шамъал-пайхамарехула Дала ма-
аллара.

### Дауда Ярушалайм дIалоцу

[4] †Шеца берриг исраилхой а буьгуш, Дауд
Ярушалайме вахара. Оцу заманахь Ярушалаймах
Явсай-гIала олура. Ткъа цигахь Iаш болчу нахах
явсайхой олура. [5] ТIаккха явсайхоша Дауде элира:
«Тхан гIали чу вогIур вац хьо».
Амма Дауда дIалецира церан Цийон-гIалин гIап.
Оцу меттигах цул тIаьхьа Даудан гIала элира.
[6] Дауда аьллера: «Уггар хьалха тIе а летта, явсайхой
хIаллакбиннарг тIемалойн баьчча а, коьрта
хьаькам а хир ву».
ТIаккха Царуятан кIант Йоаб массарал а хьалха
явсайхошна тIелетира. Иштта цунах хилира берриг
а тIемалойн коьрта хьаькам.
[7] Дауд цу чIагIйинчу гIали чохь ваха охьахиира,
цундела цу гIаланах «Даудан гIала» элира. [8] Цу
гIалина гонах гобаьkkхина гIишлош дIахIиттийра
Дауда. Уьш дIахIиттийнера Милло олучу гу тIера
дуьйна, гIалина гонах долчу пенашна тIе кхаччалц.
Ткъа гIалара важа йолу гIишлош Йоаба тIейинера.
[9] Дауданницкъ кхин а хьалаболуш лаьттара, массо
а ницкъийн Веза Эла цуьнца хиларна.

### Даудан уггар майра тIемалой

(Дауд 23:8-39)

[10] Иштта Даудан тIемалошна юкъахь а бара
къаьсттина майра нах. Ерриг а Даудан
пачхьалкхехь болчу исраилхошца, дика
накъосталла а деш, Везачу Эло ма-аллара, цуьнан
Исраил-махка тIехь долу пачхьалла чIагIдеш
бара уьш. [11] ТIамехь тIемалошна юкъахь шайн
майраллица къаьстинчеран цIераш иштта яра:
Ткъе иттанна юкъара коьртаниг вара Хьахманин
кIант ЯшбаIам. ЯшбаIама цхьана тIеман
къовсамехь кхо бIе стаг вийнера шен гоьмукъца.
[12] Цул тIаьхьа вара ахьохьахо волчу Додин кIант
ЭлиIазар, иза майрачу кхаанна юкъахь а майраниг
вара. [13] ЭлиIазар вара цкъа Даудаца пIелаштамхой
тIом бан тIегулбеллачу Пасдамим олучу меттигехь.
Цу арахь бийна мукх бара. Цигара исраилхой,
пIелаштамхойх кхера а белла, дIабевддера.
[14] ЭлиIазара, шен тIемалошца дIа а хIоьттина, и аре
ларъеш, тIом бира. Цара толам баьkkхира
пIелаштамхошна тIехь. Везачу Эло иштта доккха-
деза *кIелхьардовлар* делира исраилхошна.
[15] Оцу ткъе итт баьччанна юкъара кхин кхо
турпалхо, Дауд волчу *тарх* тIе а ваьлла, Iадулам
олучу хьехана чу велира. Ткъа пIелаштамхой
репахойн тогIи олучу меттигехь бара. [16] Цу хенахь
Дауд шен чIагIонан меттигехь вара, ткъа
пIелаштамхошна ха деш болу тIемалой Байтлахам-
гIалахь бара. [17] Дауд чIогIа хьогах вара. ТIаккха цо
элира: «Байтлахам-гIалин кевнера гIу чуьра хи
цхьаммо малор делахьара суна!» [18] ТIаккха майра
кхо тIемало, пIелаштамхойн меттаматтехула чекх а
ваьлла, Байтлахаман цу кевнехь йолчу гIу чуьра хи
а эцна, иза Даудана а дахьаш, схьавеара. Амма
Даудана и хи мала ца лиира. Цо и хи, сагIина санна,
Везачу Элана хьалха лаьтта охьадоьттира.
[19] ТIаккха Дауд-паччахьо элира: «Веза Эла, иза дарх
ларвелахь со! Шайн синош ца кхоийначу кху
къонахийн цIий мер дара ткъа аса?» ХIунда аьлча,
шайн дахарна кхерам боллушехь, деанера цара и
хи. Цундела ца лиира Дауд-паччахьна и хи мала.
Иштта хIума динера оцу майрачу кхаа тIемалочо.
[20] Йоабан ваша Абушай вара оцу кхаа
тIемалочунна юкъахь коьртаниг. Абушайс шен
гоьмукъца кхо бIе мостагIа вийнера. Оцу кхаа
турпалхочунна юкъахь иза лараме верг вара. [21] Оцу
кхаанна юкъахь гIараваьлла вара Абушай. Иза
церан баьчча а хилира, амма вукху уггар майрачу
кхаа тIемалочуьнга ца кхочура Абушай.
[22] ЯхIу-ЯдаIан кIант БенъяхIу шен майраллица а,
ша дечу гIуллакхашца а чIогIа гIараваьлла стаг
вара. Иза ша Къабциал-юьртара вара. Оцу
БенъяхIус Муаби-махкара гIараваьлла волу ши
баьчча [††] вийнера. Цкъа, ло диллинчу хенахь, цо,
саьнгар чу а ваьлла, цу чохь лом дийнера. [23] Пхи
дол хиллал лекха а волуш, онда дегI а долуш волу
мисархо а вийра БенъяхIус кхин а. КIади деш йолчу
чорхан гIуркх санна, чIогIа беза а, беха а болуш
гоьмукъ бара оцу мисархочун карахь. Ткъа
БенъяхIус, карахь гIаж а йолуш, мисархочунна тIе а
вахана, катоьхна цуьнгара и гоьмукъ схьа а
баьkkхина, оцу мисархочун шен гоьмукъца вийра
иза. [24] Иштта гIуллакхаш динера ЯхIу-ЯдаIан кIанта
БенъяхIус. И важа кхо турпалхо санна, гIараваьлла
вара БенъяхIу а. [25] Иза а оцу майрачу ткъе итт
тIемалочунна юкъахь гIараваьлла вара, амма кхаа
турпалхочунна юкъа ца вогIура БенъяхIу. Дауда
шен ха деш болчарна юкъахь коьртаниг вина
дIахIоттийнера БенъяхIу.
[26] Ткъа коьрта волу ткъе итт тIемало хIара вара:
Йоабан ваша IасахIал,
Байтлахам-гIалара Додин кIант Элхьанан,
[27] ХIарар-гIалара Шамати,
пеланхо волу Хьелац,
[28] такхоIхо волчу Iакхешан кIант Iира,
Iанатотхо Абу-Iезар,
[29] хьушатхо волу Субахи,
ахьохьахо Iилай,
[30] натIупатхо Махьран,
натIупатхо волу БаIнин кIант Хьалид,

† 11:4 ЮшаI 15:63; Куьйгалхой 1:21.

†† *ГIараваьлла ши баьчча *– я иштта: *Ариалан ши кIант.**

[31] Ребин кIант Ита, бен-яманхойн ГебаI-гIалара волу,
пIарIатунхо волу БенъяхIу,
[32] ГаIаш-тогIенашкара Хьурай,
Iарбатера Абуал,
[33] бахьрумхо Iазмават,
шаIалбанхо Элияхьба,
[34] гизанхо волчу ХIашеман кIентий,
ШагIин кIант ЯхIуната, хIарархо волу,
[35] хIарархо волчу Сакаран кIант Ахьиам,
Урин кIант ЭлипIал,
[36] Махерат-гIалара Хьепар,
пеланхо АхьъяхIу,
[37] кармалхо волу Хьецари,
Эзбайн кIант НаIрай,
[38] Натин ваша Юал,
ХIагиран кIант Мибхьар,
[39] Iамминхо Цалакх,
баировтхо Нахьрай, Царуятан кIентан Йоабан герз лелош верг,
[40] итархо волу Iира,
итархо ГIараб,
[41] хьетахо УрьяхIу,
Ахьлайн кIант Забад,
[42] ша раабанхо волу а, раабанхой болчу тIемалойн коьртехь волу а Шизин кIант Iадна.
Цуьнан а вара кхин ткъе итт тIемало.
[43] Кхин а МаIхин кIант Хьанан,
матнахо волу Яшпати,
[44] Iаштаратхо волу Iуззи,
IаруIерхо волчу Хьотаман кIентий: ШамаI, ЯIиал,
[45] Шимрин кIант ЕдиIаал,
тайцахо волу цуьнан ваша Йохьа,
[46] Махьвим-гIалара Элиал,
ЭлнаIаман кIентий Ярибай, Юшав-ЯхIу,
иштта муабахо волу Итма,
[47] мецабайхой болу Элиал, Iабади, ЯIсаал.

### Даудехьа бевллачех дуьххьарлернаш

12 Дауд Къушин кIантах Шаулах къайлаваьлла
лелачу хенахь, Даудаца цхьаьнакхетта
ЦакхелагI-гIала баьхкинарш хIорш бу (тIамехь
Даудана гIо деш болчу турпалхошна юкъахь бара
уьш, [2] Бен-Яманан тIаьхьенах а болуш, карахь
секхаIедаш а долуш, аьтту я аьрру куьйга *ширдолаг*
лелош я пхерчий кхуьссуш болу Шаулан гергарнаш
бара уьш):
[3] царах коьртаниг волу АхьиIазар а, иштта ЮIаш
а (уьш бара гебаIхо волчу ШемаIин кIентий);
Iазмаватан кIентий Язиал, Пелат;
Барха а, Iанатотхо ЯхIу а;
[4] ткъе итт тIемалочунна тIехь хьаькам а волуш,
царна юкъахь доьналла хиларца къаьстина хилла
волу гавIонхо ИшмаI-ЯхIу;
Ярми-ЯхIу, Яхьазиал, Йохьан, гадирахо волу
Юзабди,
[5] Эли-Iузай, Еримати, БаIал-ЯхIу, Шамар-ЯхIу,
хьарупхо волу Шапат-ЯхIу;
[6] кхорахьахой болу Элкхан, Йиши-ЯхIу, Iазариал,
ЮIзар, ЯшбаIам;
[7] гадурхочун Ярохьаман кIентий болу ЮIела,
Забди-ЯхIу.

### Гадин тайпанах болу Даудехьа бевлларш

[8] Гадахойх цхьаберш Даудехьа бевлира, яьссачу
аренгахь йолчу цуьнан чIагIоне а баьхкина. Уьш
бара майра турпалхой, тIом бан кийча болу
тIемалой, карахь турсашший, гоьмукъашший а
долуш. Церан, лоьмийн санна, яххьаш яра. Уьш,
ламанан лунаш санна, чехка а бара. [9] Царах
коьртаниг – Эзар, шолгIаниг – Iабди-ЯхIу,
кхозлагIниг – Элиаб, [10] воьалгIаниг – Мишмана,
пхоьалгIаниг – Ярми-ЯхIу, [11] йолхалгIаниг – Атай,
ворхIалгIаниг – Элиал, [12] борхIалгIаниг – Йохьанан,
уьссалгIаниг Эли-Забда, [13] уьтталгIаниг – Ярми-ЯхIу,
цхьайтталгIаниг – Махбанай вара.
[14] Гадахойх болу уьш тIеман хьаькамаш бара:
лахарниг – бIе тIемалочунна тIехь, ткъа лакхарниг
– эзарна тIехь. [15] Уьш бара Йордан-хи дистина
догIуш хиллачу дуьххьарлерчу баттахь, хих чекх а
бевлла, цу тогIи чохь бехаш хилла болу, массо а
нах малхбалехьа а, малхбузехьа а дIалелхийнарш.

### Бен-Яманан а, ЯхIудан а тайпанашкара болу Даудехьа бевлла нах

[16] Иштта, Даудан чIагIонна тIе баьхкира Бен-
Яманан а, ЯхIудан а тIаьхьенах болу нах. [17] Дауда,
царна дуьхьал ара а ваьлла, элира: «Нагахь санна
шу, суна гIо дан а лууш, со волчу машарца
даьхкинехь, хуьлийла сан шуьца деган цхьаалла.
Амма, нагахь санна, суна ямартло а йина, сан
мостагIийн кара со дIавала шу даьхкинехь, сан
куьйгаш къинойх цIена делахь а, вайн дайн Дала,
шуна дагадеанарг а гина, дан дезарг Ша дойла
шуна».
[18] Ткъе итт тIемалочунна тIехь хьаькам волчу
Iамсайна тIе Делан Са доьссира. ТIаккха цо элира:
«Тхо хьоьгахьа девлла, Дауд,
хьоьца ду тхо, Юшайн кIант!
Боккха машар хуьлда хьуна,
машар хуьлда хьан гIоьнчашна а,
хIунда аьлча хьан Дела хьоьгахьа ву».
Дауда уьш, тIе а эцна, эскаран коьрте
дIахIиттийра.

### Маннашан тайпанах болу Даудехьа бевлла нах

[19] Маннашан тайпанах болу цхьаболу нах
Даудехьа бевлира, Дауд пIелаштамхошца цхьаьна
Шаулна дуьхьал тIом бан воьдучу хенахь. (Амма
Дауда пIелаштамхошна гIо ца дина, хIунда аьлча
пIелаштамхойн куьйгалхоша, вовшашна юкъахь
барт а бина, дIавахийтина хилла иза, иштта чу
дешнашца: «Вайн нах а байина, иза шен паччахь
волчу Шаулехьа вер ву».) [20] Дауд ЦакхелагIе
юхавоьрзучу хенахь цуьнгахьа бевлла маннашхой

хIорш бара: Аднахь, Юзабди, ЕдиIаал, Микаал,
Юзабди, ЭлихIу, Цилтай. Уьш маннашхойн эзарна
тIехь болу хьаькамаш бара. 21 Цара талорхойн
тобанашна дуьхьал латта гIо дора Даудана, хIунда
аьлча уьш берриш а доьналла долу хьаькамаш
бара эскарехь. 22 ХIора дийнахь Даудана гIо дан нах
тIеэхарна, Делан эскаре кхоччуш, чIогIа
алсамделира цуьнан эскар.

### Даудан эскар

23 Везачу Эло аьлла ма-хиллара, Шаулан
пачхьалкх Даудан кара дIаялархьама Дауд волчу
Хьевроне баьхкинчу тIемалойн тобанийн барамаш
иштта бу:
24 ЯхIудан тIаьхьенах, карахь турс а, гоьмукъ а
болуш волу, тIамана кийча волу ялх эзар бархI бIе
стаг (6800);
25 ШимIин тIаьхьенах доьналла долуш волу ворхI
эзар цхьа бIе тIемало (7100);
26 Левихойн тIаьхьенах – виъ эзар ялх бIе стаг
(4600);
27 АхIаронан тукхаман баьчча волу ЯхIу-ЯдаIа а,
цуьнца волу кхо эзар ворхI бIе стаг а (3700);
28 Майра къонах волу тIемало ЦIадукъа а, цуьнан
доьзалера волу ткъе ши хьаькам а;
29 Бен-Яманан тIаьхьенах волу а, Шаулан гергарчу
нахах волу а кхо эзар (3000) стаг (царах дукххаберш
хIетталц Шаулан цIенна тешаме бисинера);
30 Эпрайман тIаьхьенах волу, шайн тукхамашкахь
цIе яххана волу, доьналла долуш волу ткъа эзар
бархI бIе стаг (20800);
31 Маннашан ахтайпанах берхIитта эзар (18000)
стаг (уьш хIорра а леррина схьакъастийнера,
Даудаца дIа а бахана, иза паччахь
дIахIоттавайтархьама);
32 Иссарханан тIаьхьенах волу ши бIе баьчча а,
царна муьтIахь болу массо а гергара нах а (уьш
заманах кхеташ а, Исраилан халкъо дан дезарг
хууш а нах бара);
33 Забулан тайпанах схьакъастийна волу, массо а
тайпана герз карахь а лелош, тIамана кийча волу а,
Даудана гIо дарна тIехь цхьа барт болу а шовзткъе
итт эзар стаг (50000);
34 Напталан тайпанах волу эзар хьаькам а, цаьрца
цхьаьна карахь турсаш а, гоьмукъаш а долу ткъе
вуьрхIитта эзар тIемало а (37000);
35 Данан тайпанах тIамана кийча волу ткъе бархI
эзар ялх бIе стаг (28600);
36 Ашаран тIаьхьенах тIамана кийча волу
шовзткъа эзар тIемало (40000);
37 Йордан-хина дехьа агIор долчу раабанхойн а,
гадахойн а тайпанех а, Маннашан ахтайпанах а
волу массо а тайпана герз карахь долу цхьа бIе
ткъа эзар стаг (120000).
38 ТIамана кечвина волу массо а тIемало доггах
веара Хьеврон-гIала, Дауд дерриг а Исраилан
халкъана тIехь паччахь дIахIотторхьама. Кхиболу
массо а исраилхой а цхьа барт болуш бара Дауд
паччахь дIахIотторна тIехь. 39 Дауд волчохь юуш-
молуш кхо де даьккхинера цара, хIунда аьлча
церан гергарчу наха массо а тайпана юург-мерг
кечйинера царна. 40 Церан уллора болчу а, ур-
атталла генахь болчу иссарханхойн а, забулхойн а,
напталхойн а тайпанех болчу наха а варраш тIехь,
эмкалш тIехь, бIарзанаш тIехь, стерчаш тIехь
иштта кхача беара: дама, инжираш, кишмаш,
чагIар, зайтдаьтта, дуккха а жа, даьхни, хIунда
аьлча Исраилан халкъана хазахетар хиллера.

### Бертан тIорказ Кхиръят-ЯIаримера дIадахьар

(Дауд 6:1-11)

13 Массо а баьччанех – эзарна тIехь болчу
хьаькамех а, бIенна тIехь болчу хьаькамех а
– дагавелира Дауд. 2 Исраилхойн массо а гуламе
Дауда элира: «Нагахь шуна иза дика а хетахь,
нагахь иза вайн Везачу Делан лаамехь а делахь,
Исраилан махкарчу массо а меттера кхиболчу вайн
гергарчарна а, шайн дежийлашна уллохь йолчу
гIаланашкахь болчу динан дайшна а, левихошна а
тIе нах бохуьйтур бу вай, халкъ схьагулде аьлла.
3 Вай вешан Делан тIорказ схьадахьар ду, хIунда
аьлча Шаулан заманчохь вай цуьнгахула Делах
дага ца довлура». 4 Массо а гуламо элира:
«Хуьлийла иза иштта!» ХIунда аьлча массо а
халкъана и гIуллакх нийса хийтира.
5 †Иштта Дауда схьагулбира массо а исраилхой,
Мисар-махкана уллохь долчу Шихьор-хина тIера
къилбаседехьа йолчу Хьамат-Iинна тIе кхаччалц,
Кхиръят-ЯIаримера Делан тIорказ схьадархьама.
6 ††Дауд а, цуьнца долу дерриг а Исраилан халкъ а
ЯхIуд-махкарчу БаIала-гIала (и ю Кхиръят-ЯIарим-
гIала) дахара, Делан тIорказ цигара схьадан. (Цу
тIорказца йоьзна ю Везачу Элан цIе. ТIорказан
негIар тIехь дина дIахIоттийна дашо ши каруб-
*малик* ду. Царна тIехула ю Везачу Элан меттиг.)
7 Иштта Делан тIорказ, керлачу ворданна тIе а
диллина, Абинадабан цIера дIадаьхьира. Iузий,
Ахьъюй и ворда лелош вара. 8 Ткъа Дауда а, массо а
исраилхоша а Далла хьалха, шайн ницкъ мел бу
эшарш а лоькхуш, тайп-тайпанчу дечиг-пондаршца
а, жиргIанашца а, негIарш вовшахдеттарца а,
турбанашца а мукъам балабора.
9 Уьш Кидунан хьаьтта дIакхаьчча, Iузас, куьг дIа
а кховдийна, Делан тIорказ схьалецира, стерчаша
иза агIордаькккхина дела. 10 Амма Веза Эла чIогIа
оьгIазвахара Iузина. Везачу Эло Iуза вийра, цо, куьг
дIа а кховдийна, Делан тIорказ схьалацарна. Иза
циггахь Далла хьалха велира. 11 ТIаккха Дауд чIогIа
оьгIазвахара, Везачу Эло Iузина тохар бахьана
долуш. И меттиг хIинца а «Парас Iуза» олуш ю (иза
«Iузина тохар» бохург ду).
12 Цу дийнахь Дауд кхеравелира Делах. Дауда
элира: «Со волчу муха дIахьур ду аса Делан
тIорказ?» 13 Иштта, и тIорказ ша волчу, Даудан
гIала, дIа ца даьхьира Дауда. Цо иза гатихо волчу

† *13:5 Шамъал 7:1, 2.* †† *13:6 Арадаккхар 25:22.*

Iабади-Эдоман цIа дIадаьхьира. [14] †Кхаа баттахь
лаьттира Делан тIорказ Iабади-Эдоман цIахь.
Iабади-Эдоман цIа а, цуьнан мел йолу хIума а
Везачу Эло декъалйира.

### Дауда Ярушалаймехь дина гIуллакхаш
(Дауд 5:11-16)

14 Цора-гIалин паччахьо Хьирама геланчаш
хьажийна хилла Даудана тIе, цаьрца баганан
дечиг а дохьуьйтуш, тIулг буттурш а, дечиган
пхьераш а бохуьйтуш, цаьрга Даудана паччахьан
цIа дайтархьама. [2] ТIаккха кхийтира Дауд, Везачу
Эло ша исраилхойн паччахьан даржехь
чIагIвинийла а, Цо хаьржина долчу Исраилан
халкъан дуьхьа шен паччахьалла чIогIа айинийла
а.
[3] Ярушалаймехь волуш, Дауда шена кхин а
зударий балийра. Кхин а кIентий а, йоIарий а
хилира цуьнан. [4] Даудана Ярушалаймехь динчу
берийн цIераш иштта яра: ШамуI, Шубаб, Ната,
Сулим, [5] Ибхьар, Эли-ШуIа, Эли-Палати [6] НугIахIи,
Непаг, ЯпияI, [7] Эли-ШамаI, БаIал-ЯдаI ††, Эли-Пулат.

### ПIелаштамхошна тIехь толам баккхар
(Дауд 5:17-25)

[8] ПIелаштамхошна Дауд дерриг а Исраилан
халкъана тIехь паччахь хила къобалвинийла
дIахиъча, уьш берриш а иза лаха арабевлира. Ткъа
Дауд, шена и хезча, царна дуьхьалвала аравелира.
[9] Ткъа пIелаштамхой, схьа а баьхкина, Репайм
олучу тогIи чохь нахана тIелетира. [10] ТIаккха Дауда
Деле хаьттира: «Со пIелаштамхошна дуьхьал вала
мегий? Ахьа уьш сан кара схьалур буй те?» – аьлла.
Везачу Эло жоп делира: «Мега. Аса уьш хьан кара
дIалур бу», – аьлла.
[11] Уьш БаIал-Паруциме бахара, цигахь Дауда
пIелаштамхой эшийра. Дауда элира: «Дистина
тIедогIучу хино санна, Везачу Эло дIабехира сан
мостагIий сан куьйгахула». Цундела цу меттигна,
БаIал-Паруцим аьлла, цIе тиллира (иза «хи
тIедаларан олахо» бохург ду). [12] ПIелаштамхоша
цигахь шайн деланаш битира, ткъа Дауда, омра а
дина, уьш цIергахь багабайтира.
[13] Юха а пIелаштамхой, баьхкина, тогIи чохь
болчу нахана тIелетира. [14] Дауда кхин цкъа а
Везачу Эле хаттар дира, ткъа Дала цунна жоп
делира: «Нийсса царна дуьхьал ара ма вала.
ТIехьахула тIе а гIой, комарийн дитташ долчу агIор
царна тIелата. [15] Хьайна, комарийн диттийн
баххьашкахула цхьаъ дIавоьдуш санна, гIовгIа
хазахь, тIом бан аравала. Цунах хьуна хуур ду,
Дела, хьуна хьалха а ваьлла, пIелаштамхойн эскар
хIаллакдан воьдийла». [16] Дауда Везачу Эло шена
тIедиллинарг кхочушдира. Цара пIелаштамхойн
эскар ГавIон-гIалара дуьйна ГIазар-гIалина
тIекхаччалц хIаллакдира. [17] Иштта, массо а
мехкашкахула цIе яхара Даудан. Массо а халкъаш
цунах кхоьруш дIахIиттийна хилла Везачу Эло.

### Бертан тIорказ схьаэцарна бина кечам

15 «Даудан гIалахь» шена цIенош дайтира
Дауда. ТIаккха цо, Делан тIорказ дIахIотто
меттиг кеч а йина, цунна лерина четар
дIахIоттийра. [2] ‡Цул тIаьхьа Дауда элира: «Левихой
боцучу кхечара цхьаммо а лелор дац Делан
тIорказ, хIунда аьлча Везачу Эло уьш хаьржина
Шен тIорказ лело а, цаьрга абаденналц Шена
гIуллакх дайта а». [3] Везачу Элан тIорказ ша
кечйинчу метте дIадахьийтархьама, берриг а
исраилхой Ярушалайме схьагулбира Дауда.
[4] АхIаронан тIаьхье а, левихой а шена тIекхайкхира
цо. Уьш хIорш бара: [5] кхахIатхойн тIаьхьенан
баьчча волу Уриал а, цуьнца царах волу цхьа бIе
ткъа стаг а (120); [6] мерарихойн тIаьхьенан баьчча
хилла волу Iаси-ЯхIу а, цуьнца царах волу ши бIе
ткъа стаг а (220); [7] гIиршанхойн тIаьхьенах баьчча
хилла волу Юал а, цуьнца царах волу цхьа бIе ткъе
итт стаг а (130); [8] эли-цапанхойн тIаьхьенан баьчча
хилла волу ШамIа-ЯхIу а, цуьнца царах волу ши бIе
стаг а (200); [9] хьевронхойн тIаьхьенан баьчча хилла
волу Элиал а, цуьнца царах везткъа стаг а (80);
[10] Iузиалхойн тIаьхьенан баьчча хилла волу
Iамминадаб а, цуьнца царах цхьа бIе шийтта стаг а
(112).
[11] Иштта Дауда шена тIе кхайкхира динан дай
ЦIадукъа а, Абу-ЯтIари а, ткъа левихойх – Уриал,
Iаси-ЯхIу, Юал, ШамIа-ЯхIу, Элиал, Iамминадаб.
[12] Дауда цаьрга элира: «Шу левихойн доьзалийн
баьччанаш ду. Шу шаьш а, шун вежарий а Далла
хьалха цIан а ло, аша Исраилан халкъан Везачу
Делан тIорказ схьа а да. Аса дIахIотто кечйинчу
метте дIахIоттаде иза. [13] Левихой долчу аша
дуьхьхьара Делан тIорказ шаьш ца лелийна дела,
вайн Веза Дела чIогIа оьгIазвахара. И гIуллакх муха
дан деза аьлла, вай дага ма ца девллера Цунах».
[14] ТIаккха Исраилан халкъан Везачу Делан тIорказ
схьадархьама, динан дай а, левихой а Далла хьалха
цIанбелира. [15] ‡‡Везачу Эло Мусагахула тIе-ма-
диллара, левихоша Делан тIорказ шайн белшашна
тIедехкинчу хьокхашца дIадаьхьира.
[16] Дауда левихойн баьччанашка омра дира,
левихойн тайпанах илланчаш дIахIиттабе аьлла,
мукъам балочу гIирсашца – мерз-пондаршца а,
дечиг-пондаршца а, вовшахдеттачу негIаршца а –
иштта айдинчу озаца а цаьрга иллеш
алийтархьама. [17] Левихоша дIахIоттийра Юалан
кIант ХIайман а, цуьнан гергарчарах волчу Берех-
ЯхIун кIант Асайп а. Ткъа мерарихойн тукхамах –
Кхуша-ЯхIун кIант волу Этан дIахIоттийра. [18] Иштта
церан кхиболу гергарнаш а дIахIиттийра: Закри-
ЯхIу, Бени, ЯIзиал, Шамирамути, Яхьиал, Iуни,
Элиаб, БенъяхIу, МаIсей-ЯхIу, Маттит-ЯхIу, Эли-
ПалехIу, Макхни-ЯхIу, Iабади-Эдом, ЯIиал. Уьш

† *13:14 1 Шерашкахь 26:4, 5.* †† *БаIал-ЯдаI *– иза ЭлидаIан кхин цIе ю. Хьажал 3:8.**

‡ *15:2 Карлабаьккхинарг 10:8.* ‡‡ *15:15 Арадаккхар 25:14.*

кевнехь гIаролхой бара. 19 ХIаймана а, Асайпа а,
Этана а цIестан негIаршца чIоггIа мукъам бало
дезара. 20 Ткъа Закри-ЯхIус, Iазиала, Шамирамутис,
Яхьиала, Iунис, Элиаба, МаIсей-ЯхIус, БенъяхIус
лекхачу озаца мерз-пондарш лакха дезара.
21 Иштта, лохачу озаца а локхуш, дечиг-пондаршца
мукъам бало безара Маттит-ЯхIус, Эли-ПалехIус,
Макхни-ЯхIус, Iабади-Эдома, ЯIиала, Азаз-ЯхIус.
22 ТIаккха левихойн баьчча волу Ханан-ЯхIу,
цуьнан корматалла йолу дела, илланчашна тIехь
куьйгалхо дIахIоттийра. 23 Берех-ЯхIу а, Элкхан а
бара бертан тIорказ дIахIоттийначу цIа чохь
неIарехь гIарол деш. 24 Динан дайша Шабан-ЯхIус,
Яшпатис, Натунаила, Iамсайс, Закри-ЯхIус,
БенъяхIус, ЭлиIазара Делан тIорказна хьалха
турбанаш локхура. Ткъа Iабади-Эдом а, Яхьи-ЯхIу а
тIорказ долчохь гIарол деш вара.

## Бертан тIорказ Ярушалайме дIадахьар

(Дауд 6:12-22)

25 Иштта, Дауд а, исраилхойн къаной а, тIеман
коьрта хьаькамаш а баккхийберца бахара Iабади-
Эдоман цIа чуьра Везачу Элаца бинчу бертан
тIорказ дIадахьа. 26 Везачу Элаца бинчу бертан
тIорказ дIахьош болчу левихошна Дала гIо дарна,
ворхI сту а, ворхI ка а сагIина бейтира. 27 Даудана
тIехь а, иштта тIорказ дIахьош болчу массо а
левихошна а, илланчашна а, илланчийн
куьйгалхочунна Ханан-ЯхIуна а тIехь дуткъачу
кIадих йина бедарш яра. Ткъа Дауда тIекхоьллина
кхин в�танан *ийпад* а яра. 28 Мерзпондаршца а,
дечиг-пондаршца а мукъамаш а далош, маIаш а,
турбанаш а, цIестан пондарш а лоькхуш,
баккхийберца маьхьарий а детташ, Исраилан
дерриг а халкъо Везачу Элаца бинчу бертан
тIорказ гIали чу доккхура.
29 Везачу Элаца бинчу бертан тIорказ Даудан
гIали чу доккхучу хенахь, Шаулан йоI Михула корах
арахьоьжуш яра. Ирх а лелхаш, вокххаверца
хелхавуьйлуш волу Дауд-паччахь шена гича, шен
даг чохь иза цунах ца ешира.
16 Делан тIорказ, схьа а деана, Дауда цунна
кечдинчу четар чохь охьадиллира. ТIаккха
Далла хьалха дийнаташ дагоран а, бертан а
сагIанаш дехира цара. 2 Ша дийнаташ дагоран а,
бертан а сагIанаш даьхна ваьллачул тIаьхьа, Дауда
Везачу Элан цIарах халкъ декъалдира. 3 Массо а
исраилхочунна, божаршна санна, зударшна а, цо
цхьацца бепиг а, Iаьвдинчу хурманийн цхьацца
курс а, Iаьвдинчу кишмашийн цхьацца курс а
кховдийра.
4 ТIаккха цхьаболу левихой Везачу Элан тIорказна
хьалха гIуллакх дан дIахIиттийра цо, цаьрга
Исраилан халкъан Везачу Далла доIанаш
дайтархьама а, баркалла алийтархьама а, хастам
байтархьама а. 5 Царах коьртаниг Асайп вара,
шолгIаниг вара Закри-ЯхIу, цул тIаьхьа бара ЯIиал,
Шамирамути, Яхьиал, Маттит-ЯхIу, Элиаб,
БенъяхIу, Iабади-Эдом, ЯIиал. Уьш мерз-пондарш а,
дечиг-пондарш а карахь долуш дIахIиттийра.
Асайп дIахIоттийнера цIастанан жима негIарш
вовшехдетта. 6 Динан дай болу БенъяхIу а,
Яхьазиал а дIахIиттийнера Делаца бинчу бертан
тIорказна хьалха, цаьрга массо а хенахь турба
лакхийтархьама. 7 Цу дийнахь Дауда дуьххьара
делира Асайпан а, цуьнан гергарчеран а кара
Везачу Элана баркаллин дешнаш алар.

## Даудан баркаллин назма

(Забур 104:1-15; 95:1-13; 105:1, 47, 48)

8 Баркалла ала Везачу Элана!
Цуьнан цIарна хастамаш бе!
Довзийта халкъашна Цуьнан гIуллакхаш.
9 Иллеш ала Цунна, пондарш лакха Цунна.
Дерриг а Цуьнан тамашийначу гIуллакхех лаций
дIадийца.
10 Дозалла де Цуьнан езачу цIарах!
Веза Эла лоьхучийн дегнаш самукъадолуш
хуьлийла!
11 Веза Эла а, Цуьнан ницкъ а лаха,
гуттар Цунна уллохь хила гIерта.
12 Дагахь латтаде Цо дина тамашийна гIуллакхаш
а,
Цо гайтина билгалонаш а, Цо йина кхелаш а,
13 ва Цуьнан ялхо хиллачу ИбрахIиман хIух дерш,
Цо хаьржина хиллачу Якъубан тIаьхьенах дерш!
14 Веза Эла волу Иза вайн Дела ву.
Цуьнан кхелаш массо а лаьттахула ю.
15 Цо даим дагахь латтор бу Шен барт,
эзаран барамехь йолчу тIаьхьенашна Ша делла
дош,
16 ИбрахIимца Ша бина болу барт,
Исхьакхана, чIагIо а еш, Ша дина *ваIда*.
17 †Цо Якъубана иза чIагIдира парз санна,
Исраилана †† – гуттаренна а болу барт санна.
18 Цо аьллера: «Хьуна лур ду Аса канаIанхойн
латта,
и дакъа хьуна *шерет* санна кхочур ду».
19 Церан терахь цу хенахь дуккха а ца хилла,
кIезиг а болуш, уьш махкахь тIебаьхкина Iаш
хилла.
20 Уьш дIаоьхура цхьа къам долчуьра важа къам
долчу,
цхьана пачхьалкхера кхечу халкъан пачхьалкх
йолчу.
21 ‡Дала цхьанна а бакъо ца лора уьш бацо,
церан дуьхьа Цо паччахьашка дIахьедар дора:
22 «Ас къобалбинчарах дIа ма хьакхалолаш,
Сан пайхамаршна зулам а ма делаш».
23 Лакха эшарш Везачу Элана массо а дуьнено.
Де дийне мел дели Цуьнан кIелхьардахар
кхайкхаде.
24 Къаьмнашна юкъахь Цуьнан сийлалла
дIакхайкхае,

† *16:17, 18 Доладалар 28:13.* †† *Исраил *– и ву Якъуб.** ‡ *16:21, 22 Доладалар 20:3-7.*

массо а халкъашка Цуьнан тамашийна
гIуллакхаш дIадийца.
25 Сийлахь ву Веза Эла, Цунна хастамаш бан хьакъ
а ду.
Массо а деланел а Шега болчу ларамах
бузуьйтуш ву Иза.
26 Кхечу къаьмнийн массо а деланаш – цIуш бу,
ткъа Везачу Эло стигалш кхоьллина.
27 Цунна гонах паччахьан сий а, исбаьхьалла а ю.
Цуьнан деза цIа ницкъах а, хазахетарх а дуьзна
ду.
28 Къаьмнийн доьзалш, Везачу Элана хастамаш
бейша!
Везачу Элан сийлалла а, ницкъ а кхайкхадейша!
29 Везачу Элан цIеран сийлаллина лерина
кхайкхамаш бейша!
СагIанаш а дахьаш, Цуьнан цIийнан керта чу
дуьйлийша!
Цо Шен возалла гойтучу хенахь Везачу Элана
суждане гIойша.
30 Дерриг а дуьне, дегаде Цунна хьалха!
Латта чIогIа латташ ду, ткъа иза меттахдер а
дац!
31 Стигалш сакъералойша, латта даккхийде!
ДIаала халкъашка: «Веза Эла паччахьалла деш
ву!»
32 ХIордо а, цунна чохь мел долчу хIумано а гIовгIа
е!
Кхаш а, царна тIехь мел дерг а даккхийдеш хила.
33 Хьуьнхахь мел долу дитташ а даккхийдеш хир
ду,
Везачу Элана хьалха, хIунда аьлча Иза вогIуш ву,
дуьненна тIехь куьйгалла дархьама.
34 †Баркалла ала Везачу Элана, Иза дика хиларна,
Цуьнан хедар боцу безам абаденналц бу.
35 Алийша: «КIелхьардахахьа тхо, *КIелхьардохург*
волу тхан Дела,
схьа а гулдехьа, кIелхьар а дахахьа тхо кхечу
къаьмнашна юкъара,
тхоьга Хьан цIе хастаяйта а,
Хьуна хастам барх тхоьга дозалла дайта а.
36 Хастам бу Исраилан халкъан Везачу Далла,
азалехь дуьйна абаденналц!»
Дерриге а халкъо элира: « *Амин*! Хастам бу Везачу
Элана!»

### Ярушалаймехь а, ГавIон-гIалахь а Далла лерина дина гIуллакх

37 Асайп а, цуьнан гергарнаш а Везачу Элаца
бинчу бертан тIорказна хьалха дIахIиттийна
битира Дауда, цаьрга массо а хенахь, хIора а
дийнан эшаре хьаьжжина, гIуллакх дайтархьама.
38 Цаьрца цхьаьна цо витира Iабади-Эдом а, цуьнан
гергарчарах волу кхузткъе ворхI стаг а. Ткъа
Ядутунан кIант Iабади-Эдом а, иштта Хьоса а
кевнехь гIарол дийраш бара.
39 Ткъа *динан да* волу ЦIадукъа а, динан дай болу
цуьнан вежарий а Дауда битира ГавIонан гу тIехь
долчу Везачу Элан цIа чохь. 40 Уьш хIиттийнера,
цаьрга дагоран сагIа доккхучу кхерчана тIехь массо
а хенахь, Iуьйранна а, суьйранна а Везачу Элана
дагоран сагIанаш дахийтархьама, Везачу Эло
Исраилан халкъана дIабеллачу *товрат-хьехам* тIехь
яздинчу массо а хIумане хьаьжжина. 41 Цаьрца
цхьаьна, Везачу Элана хастамаш байтархьама,
цигахь битинера ХIайман, Ядутун, кхиболу,
хIораннан а цIе а йоккхуш, схьахаьржина болу нах
а, хIунда аьлча Цуьнан хедар боцу безам
абаденналц бу. 42 ХIайман а, Ядутун а хIоттийнера
турбанашца а, цIастанан негIаршца а, Далла иллеш
аларна лерина болчу кхечу зурманийн гIирсашца а
мукъам балорна тIехь. Ткъа Ядутунан кIентий
кевнехь дIахIиттийна бара.
43 ††Дерриге а халкъ шен-шен цIа дирзира. Дауд а
юхавирзира, шен цIа декъалдархьама.

### Дауд а, Ната-пайхамар а
(Дауд 7:1-17)

17 Шен цIеношкахь ша вехаш Iачу хенахь,
Дауда Ната-пайхамаре элира: «Гой хьуна, со
баганан дечигах динчу паччахьан цIа чохь Iаш ву,
ткъа Везачу Элаца бинчу бертан тIорказ четар
бухахь лаьтташ ду».
2 Натас Дауде элира: «Хьайна дан дагадеанарг
дерриг а кхочушде, хIунда аьлча Дела хьоьца ву».
3 Амма цу буссехь Натига Делан дош кхечира:
4 «Ваха а гIой, Сан лай волчу Дауде дIаала, Везачу
Эло иштта боху алий: „Суна чохь Iан цIа ахь дийр
дац, 5 хIунда аьлча Исраилан халкъ Аса
арадаьккхинчу хенахь дуьйна таханлера де
тIекхаччалц цIа чохь Iар а доцуш, цхьана четар
чуьра вукху четар чу а, цхьана меттера вукху метте
а волуш, ваьлла лелара Со. 6 Исраилан халкъаца Со
миччахьахула а лелачу хенахь халкъан
тайпанашкара цхьаьнгге а, Сайн къомана тIехь
Iуналла дан Айса къобалвинчу куьйгалхочуьнга,
хьаьттиний ткъа Аса: ‘Аша Суна баганан дечигах цIа
хIунда ца до?’ – аьлла.
7 Ткъа хIинца, ваха а гIой, Сан лай волчу Дауде
дIаала, массо а ницкъийн Везачу Эло цуьнга боху
алий: ‘Аса хьо, уьстагIий дажош волчуьра схьа а
валийна, Сайн Исраилан халкъана тIехь баьчча
хIоттийна. 8 Хьо миччахьа вахча а, Со массо а
хенахь хьоьца хилла. Массо а хьан мостагIий Аса
хIаллакбина. Аса дуьнен тIехь сийлахь болчарна
юкъахь а къаьсттина хьан сий хьаладоккхур ду.
9 Аса Сайн Исраилан халкъана меттиг
билгалйоккхур а ю, орамат санна, иза дугIур а ду,
шен долахь йолу меттиг цуьнан хилийта а, цуьнга
кхин са ца гатдайта а. Зуламечу наха уьш кхин
хьийзор бац, юьхьанца санна, 10 мехкан куьйгалхой
Сан къомана тIехь Аса къобалбинчу хенахь дуьйна
иза ма-хиллара. Аса хьан массо а мостагIий

---

† *16:34 2 Шерашкахь 5:13; 7:3; Iезар 3:11; Забур 100:5; 106:1; 107:1; 118:1; 136:1; Ярми-ЯхIу 33:11.*

†† *16:43 Дауд 6:19, 20.*

кIелбуьтур бу. Аса хаам бо хьоьга, Веза Эла волчу
Айса хьуна хьан тIаьхьенах цIа дийр ду аьлла.
11 Хьан денош чекх а девлла, хьо хьан дай болчу
дIакхелхинчул тIаьхьа, Аса меттахIоттор ду хьан
хIу, хьан тIаьхьенах цхьаъ паччахь а вина. Цуьнан
паччахьалла чIагIдийр ду Аса. 12 Цо Суна лерина
цIа дийр ду, ткъа Аса иза а, цунах схьабевлларш а
абаденналц шайн паччахьан даржехь чIагIбийр бу.
13 †Со цуьнан да хир ву, иза Сан кIант хир ву. Амма
Сайн цуьнга болу безам Аса дIабоккхур бац, хьол
хьалха хиллачуьнга Сайн хилла безам Аса
дIабаьккхинехь а. 14 Сайн халкъана тIехь а, Сайн
пачхьалкхана тIехь а абаденналц дIахIоттор ву Аса
иза. Цуьнан паччахьалла гуттаренна а чIагIдина
хир ду‘“».
15 Дерриг и дешнаш а, шена хIоьттина сурт а
Натас ма-дарра дIадийцира Дауде.

## Дауда дина баркаллин доIа
(Дауд 7:18-29)

16 ТIаккха Дауд-паччахьо, ваха а вахана, Везачу
Элана хьалха дIа а хIоьттина, элира: «Со а мила
вара, ва Веза Дела, сан цIа а хIун яра, Ахьа цу
тайпана со даржехь лакхаваккхал? 17 Хьуна-м иза а
кIезиг хетта, ва Дела! Ахьа Хьайн лай волчун
цIийнах хиндерг а схьадийци. Со цхьа сийлахь-
доккха адам долуш санна хьоьжу Хьо соьга, Веза
Дела! 18 Кхин хIун эр ду Хьоьга Дауда, Ахь Хьайн лай
волчун сий лакхадаккхар бахьана долуш? Хьуна
вевза-кх Хьайн лай! 19 Веза Эла! Хьан лай волчун
дуьхьа, Хьайн деган лаамца и даккхий хIуманаш
дина-кх Ахьа, и шадерг нахана дIа а довзуьйтуш.
20 Хьоьца нисван цхьа а стаг вац, Веза Эла, ткъа Хьо
воцург Дела а вац, тхайн лергашна тхуна схьа-ма-
хаззара. 21 Мичахь ду Хьан санна долу къам?
Мичахь ду Исраилан санна долу халкъ? Шен дуьхьа
Дела араваьлла долу къам дуьнен чохь цхьаъ бен
дац. Дела аравелира, Шена и къам мехах
схьаэцархьама а, Шен цIе айархьама а, уьш
бахьана долуш даккхий а, инзаре а гIуллакхаш
дархьама а. Айхьа Мисар-махкара мехах
паргIатдаьккхина долчу Хьайн къомана хьалхара
важа къаьмнаш дIалохкура Ахьа. 22 Ахьа Исраилан
къомах массо а ханна Хьайн долахь долу къам
дира, ткъа Хьо, Веза Эла, церан Дела хилла
дIахIоьттира.
23 Ткъа хIинца, Веза Эла, Айхьа Хьайн лай волчу
сох а, сан цIийнах а лаьцна аьлла долу дош
абаденналц чIагIдина хилийтахьа. Айхьа аьлларг
кхочушдехьа, 24 иза билггал хилийтархьама а,
массо а тIейогIун йолчу ханна Хьан цIе
язъяйтархьама а. ТIаккха наха эр ду: „Массо а
ницкъийн Веза Эла, Исраилан халкъана тIехь волу
Дела – Иза Исраилан халкъехьа волу Дела ву!“
Иштта Хьан лай волчу Даудан цIа Хьуна хьалха
чIагIделла лаьттар ду! 25 Ткъа Ахьа, сан Дела, Хьайн
лай волчу суна дIадилли, Айхьа суна цIа дийриг

† 17:13 2 Коринтхошка 6:18; Iебархошка 1:5.

хилар. Цундела Хьан лай волу со ваьхьира Хьуна
хьалха хIара доIа дан. 26 Ва Веза Эла, Хьо Дела ма
ву! Ткъа Хьайн лай волчунна иштта дика дан *ваIда*
дина Ахьа! 27 Хьан лай волчун тIаьхье декъалъехьа,
иза массо а ханна а Хьайна хьалха хилийтархьама.
Веза Эла волчу Ахьа сан цIа декъал ма дина,
цундела иза массо а хенахь декъал хир ду».

## Даудан тIеман толамаш
(Дауд 8:1-18)

18 Цул тIаьхьа Дауда, пIелаштамхошна тIехь
толам а баьккхина, уьш муьтIахь бира.
Иштта, Гати-гIала а, цунна гонах йолу меттигаш а
цо пIелаштамхойн карара схьаехира. 2 Иштта,
муабахой а эшийра Дауда, ткъа уьш Даудан лай
хилла дIахIиттира, кхунна ял а луш.
3 Цоба-мехкан паччахь волу ХIадад-Iезар Эпрат-
хина йистехула Iохкуш долчу латтанаш тIехь шен
паччахьалла дIахIотто воьдучу хенахь, Хьамат-
гIалахь Дауда эшийра. 4 Цуьнгара цхьа эзар
гIудалкх а, ворхI эзар бере а, ткъа эзар гIашло а
схьаваьккхира цо. Шен гIудалкхашна хьалха
дIайожа бIе говр бен ца юьтуш, массо а говрийн
когийн хьорзамаш хедийра цо.
5 Цоба-мехкан паччахь волчу ХIадад-Iезарна
гIоьнна Дамасакхера арамхой баьхкира, амма
Дауда ткъе шиъ эзар арамхо хIаллаквира. 6 Дауда
арамхой Iаш болчу Дамасакхехь шен эскаран
цхьайолу тобанаш дIахIиттийра. Иштта, арамхой а
Даудан лай хилла дIахIиттира, цунна ял а луш.
Везачу Эло араволучу массо а меттера толамца цIа
воьрзуьйтура Дауд. 7 ХIадад-Iезаран баьччанех
дисина долу дашо турсаш схьа а эцна, Ярушалайме
схьадеара Дауда. 8 ††ХIадад-Iезаран олаллехь
хиллачу ТIивхьат-гIалара а, Кун-гIалара а цо дукха
ез схьадаьккхира. (ТIаьхьо цунах Сулим-паччахьо
боккха цIестан яй а, бIогIамаш а, пхьегIаш а Делан
цIенна яйтира.)
9 Хьамат-гIалахь паччахь волчу ТоIина хезира,
цобахойн паччахьан ХIадад-Iезаран эскар Дауда
эшийна аьлла. 10 ТIаккха ТоIас шен кIант ХIайдарам
вахийтира Даудан сий дан а, цунна ХIадад-Iезар
эшаварна баркалла ала а, ХIадад-Iезар шеца кест-
кеста тIом беш схьавеана дела. Ша Дауд волчу
вогIуш, ХIайдарама дашо а, дато а, цIестан а
пхьегIаш еара. 11 Уьш а Дауд-паччахьо Везачу
Элана лерина дечу гIуллакхна йитира, ша
эшийначу къаьмнашкара – эдомхошкара а,
муабахошкара а, Iамминхошкара а,
пIелаштамхошкара а, Iамалекхахошкара а – схьа
мел даьккхина долу дети а, деши а санна.
12 ‡Дуьра тогIи олучу меттигехь Царуятан кIанта
Абушайс берхIитта эзар эдомхо эшийра. 13 Дауда
Эдомехь шен эскаран тобанаш дIахIиттийра, ткъа
массо а эдомхо цуьнан лай хилла дIахIоьттира.

†† 18:8 Сулим 7:40-47; 2 Шерашкахь 4:11-18. ‡ 18:12 Забур 60.

Везачу Эло Дауд араволучу массо а меттигера
толамца цӀа воьрзуьйтура иза.
[14] Дерриг а Исраилан халкъана тӀехь паччахьалла
а деш, шен халкъаца бакъо а, нийсо а лелош вара
Дауд. [15] Царуятан кӀант Йоаб цуьнан эскаран
хьаькам вара, ткъа Ахьлудан кӀант ЯхӀушапти
пачхьалкхан гӀуллакхаш дӀаяздеш верг вара.
[16] Ахьтубин кӀант ЦӀадукъа а, Абу-ЯтӀарин кӀант
Ахьи-Малик а динан дай бара, ткъа Шавша
йозанчин болх беш вара. [17] ЯхӀу-ЯдаӀан кӀант
БенъяхӀу кератхошний, палетхошний † тӀехь
хьаькам вара, ткъа Даудан кӀентий паччахьан
хьехамчийн хьалхарнаш бара.

### Дауда Ӏамминхой а, арамхой а эшабо
(Дауд 10:1-19)

19 Цхьа хан яьлча, Ӏамминхойн паччахь волу
Нахьаш велира. Нахьашан метта паччахь
дӀахӀоьттира цуьнан кӀант Хьануни. [2] Дауда элира:
«Нахьаш соьца дика хилла дела, со а цуьнан
кӀантаца дика хир ву». Цо шен ялхой бахийтира
Хьанунига кадам бан, цуьнан велла да бахьана
долуш.
Даудан ялхой Ӏамминхойн махка Хьануни волчу
баьхкира, кадам бархьама. [3] Амма Ӏамминхойн
элаша шайн олахочуьнга элира: «Хьуна баккъалла-
м ца моьтту, Дауда хьан дега шен хилла болу ларам
бахьана долуш бахкийтина хьуна тӀе хӀара
догъоьцурш? ХӀан-хӀан, уьш баьхкина, хьан
махкахь дерг дикка талла а теллина, цул тӀаьхьа
иза бохо дагахь».
[4] Хьанунис, Даудан ялхой схьа а лецна, хӀоранан
а месаш дӀаешира, цул тӀаьхьа, царна тӀера бедарш
вареш тӀе кхаччалц дӀа а хедийна, уьш дӀахийцира.
[5] Цхьаболчу геланчаша, дӀа а бахана, оцу нахах
лаьцна хабар Даудана тӀедаьхьча, шен ялхошна
дуьхьал нах бахийтира Дауда, уьш чӀогӀа
юьхьӀаьржачу хӀиттийна хилла дела. Паччахьо
цаьрга хабар дахьийтира: «Шайн мажош
яхъяллалц Ерихонехь совца. Цул тӀаьхьа цӀа догӀур
ду шу», – аьлла.
[6] Шаьш Даудана, лаьхьанна тоьхна гӀаж санна,
боьха хетийла хиъча, Ӏамминхоша а, Хьанунис а
ши эзар пунт дети дахьийтира Арам-НахӀарайма а,
Арам-МаӀха а, Цоба-махка а, цигара гӀудалкхаш а,
дошлой а шайна лацархьама. [7] Иштта, ткъе шийтта
эзар гӀудалкх а, МаӀхин паччахь а цуьнан эскарца
мехах лецира шайна Ӏамминхоша. ХӀорш
схьабаьхкича, Мейдеба-гӀалина уллохь *меттамотт*
дӀахӀоттийра. Ӏамминхой, шайн гӀаланашкара схьа
а гулбелла, тӀом бан арабевлира.
[8] Шена иза дӀахезча, Дауда Йоаб вахийтира цига,
цуьнца доьналла долу берриг а тӀемалой а болуш.
[9] Ӏамминхой, гӀалин кертара ара а бевлла, тӀамана
кечбелла кевнехь дӀахӀиттира. Ткъа схьабаьхкина
болу паччахьаш шерачу аренгахь юьстахбевлла
лаьтташ бара.
[10] МостагӀчун эскарийн могӀарш шена тӀехьа а,
хьалха а дӀахӀиттина гича, Йоаба исраилхошна
юкъара уггар тоьлла болу тӀемалой арамхошна
дуьхьалбехира. [11] Кхиболу эскархой цо шен вешин
Абушайн кара дӀабелира, ткъа цо уьш
Ӏамминхошна дуьхьалбехира. [12] Йоаба Абушайга
элира: «Арамхоша со эшочу далахь, ахьа суна гӀо
дийр ду, нагахь санна Ӏамминхоша хьо эшош
хилахь, аса хьоьгахьа гӀо доккхур ду. [13] Доьналла
долуш хила. Майра лаьттар ду вай, Исраилан халкъ
а, вайн Делан гӀаланаш а ларъеш. Ткъа Везачу Эло
Шен лаам берг дийр ду».
[14] Йоаб шен эскарца арамхошна тӀелетира, ткъа
вуьш цунах бевдда дӀабахара. [15] Шайна арамхой
дӀауьдуш гича, Йоабан веших Абушайх бевдда,
гӀала дӀабахара Ӏамминхой. Юха а вирзина, Йоаб
Ярушалайме схьавеара. [16] Шаьш исраилхоша
эшийна хилар гича, арамхоша геланчаш а
бахийтина, Эпрат-хил дехьа агӀор Ӏаш болу
арамхой арабехира. Царна куьйгалла дира ХӀадад-
Ӏезаран тӀеман хьаькам волчу Шупака. [17] И хаам
шега кхаьчча, Дауд, массо а исраилхо вовшах а
тоьхна, Йордан-хих дехьавелира. ТӀаккха, арамхой
болчу а веана, царна дуьхьал дӀахӀоьттира Дауд.
Уьш вовшахлетира. [18] Амма арамхой исраилхойх
бевдда дӀабахара. Церан гӀудалкхех Дауда ворхӀ
эзар йохийра, ткъа гӀашлойх шовзткъа эзар стаг а
вийра. Дауда иштта арамхойн тӀеман хьаькам волу
Шупак а вийра. [19] Шаьш исраилхоша эшош хилар
гича, ХӀадад-Ӏезаран куьйга кӀел хиллачара
Даудаца барт бира, уьш цунна къера а хилира.
Ткъа арамхой кхин цкъа а ца хӀуттура
Ӏамминхошна гӀо дан.

### Дауда Рабба-гӀала схьайоккху
(Дауд 12:27-31)

20 ††Цхьа шо даьлча, паччахьаш тӀамана
арабовлучу хенахь, Йоаба эскар
арадаьккхира. Ӏамминхойн мохк боха а бина, схьа
а веана, Рабба-гӀалина го бира цо. Ткъа Дауд
Ярушалаймехь сецира. Йоаба Рабба-гӀала, схьа а
яьккхина, йохийра. [2] Дауда церан паччахьан
коьртара ‡ деших дина, дезачу жовхӀарех кхелина
долу *таж* схьаийцира. И таж дешин шина пуьнтах
динера. Иза Даудан коьрта тӀе диллира. Цо дуккха а
хӀонс араяьккхира цу гӀалара. [3] Рабба-гӀалахь мел
болу бахархой ара а баьхна, уьш херхашца, аьчка
отургашца, дагаршца болх бан дӀахӀиттийра цо.
Дауда массо а Ӏамминхойн гӀаланашкахь цу
тайпана белхаш дӀаболийра. Цул тӀаьхьа Дауд а,
дерриг а цуьнан эскар а Ярушалайме юхадирзира.

† *Кератхой, палетхой *– кхечу мехкашкара болу, паччахь ларвеш болу тӀемалой.**

†† *20:1 Дауд 11:1.* ‡ *Церан паччахьан коьртара *– я иштта: *МилкӀом-цӀун коьртара.**

### ПIелаштамхойн турпалшца тIом бар
(Дауд 21:15-22)

4 Цул тIаьхьа ГIазар-гIалахь пIелаштамхошца тIом
дIаболабелира. Цигахь хьушатхо волчу Субахис
турпалш болчу репахойн тIаьхьенах волу Сипай
вийра. ТIаккха уьш муьтIахь хилира исраилхошна.
5 †ТIаьхьо кхин а цхьа тIом хилира
пIелаштамхошца. Цигахь ЯIиран кIанта Элхьанана
гатихо волчу ГIолиатан ваша Лахьми вийра.
Цуьнан гоьмукъа тIера гIаж кIадидархочо болх
бечу хенахь лелош йолу еха гIаж санна яра.
6 Гати-гIалахь кхин а хилира тIом. Цигахь цхьа
инзаре лекха стаг вара. Цуьнан куьйгийн а, когийн
а ялх-ялх пIелг бара. Уьш берриш а ткъе биъ пIелг
бара. И стаг а турпалш болчу репахойх схьаваьлла
вара. 7 Иза, исраилхойх лаьцна вон бага етташ,
луьйш вара. И репахо Даудан вешин ШимIин
кIанта ЯхIунатас вийра.
8 И кхо стаг Гати-гIаларчу турпалш болчу
репахойн гаранах схьаваьлла вара. Уьш Даудан а,
цуьнан эскархойн а карах белира.

### Халкъан дагардар
(Дауд 24:1-25)

21 *Иблис* Исраилан халкъана дуьхьалделира.
Цо Даудана исраилхой багарбан
дагадаийтира. 2 Йоабе а, эскаран хьаькамашка а
Дауда элира: «Даха а гIой, Беар-ШабаI-гIалара
дуьйна Дан-гIалина тIекхаччалц йолчу
меттигашкара исраилхой, багарбай, соьга хаам бе,
уьш мел бу суна хаийта».
3 ТIаккха Йоаба паччахье элира: «Шен халкъ кхин
а бIозза алсамдоккхийла Везачу Эло. Сан олахо
волу паччахь, и халкъ дерриг а сан олахо волчу
хьан дац ткъа? Ткъа сан олахочунна хIунда оьшу
иза? ХIунда дуьллу те ахь Исраилан халкъана тIе и
декхар?» 4 Амма паччахьо аьллачу дешнаша къера
хилийтира Йоаб. Иштта Йоаб, массо а Исраил-
махкахула чекх а ваьлла, Ярушалайме юхавеара.
5 Нах багарбаран жамI Дауде дIаделира Йоаба:
берриге а Исраил-махкахь кара тур а лаьцна, тIом
балур болуш волу цхьа миллион цхьа бIе эзар стаг
вара. Ткъа, кара тур а лаьцна, тIом балур болуш
волу яхIудхо виъ бIе кхузткъе итт эзар стаг вара.
6 Паччахьо тIедиллина гIуллакх шена ца тайна
дела, левихой а, бен-яманхой а багар ца бинера
Йоаба.
7 И гIуллакх Далла хьалха там боцуш хилла дела,
Цо Исраилан халкъана таIзар дира. 8 Дауда Деле
элира: «И гIуллакх дар бахьана долуш, аса сайх
доккха къа латийна. Веза Эла, Хьан лай волчу суна
гечдар доьху аса Хьоьга. ЧIогIа хьекъале доцу
хIума дина аса».
9 ТIаккха Даудах Делера дерг гуш волчу Гада-
пайхамаре Везачу Эло элира: 10 «Ваха а гIой, Дауде
дIаала: „Везачу Эло боху: ‘Хьуна лерина кхо таIзар
ду Сан. Царах хьайна цхьаъ схьахаржа, иза Соьга
кхочушдайтархьама’“».
11 Гадас, Дауд волчу а веана, цуьнга элира: «Иштта
боху Везачу Эло: „Кхаа таIзарх цхьаъ къастаде:
12 Кхаа шарахь мацалла лаьттийла лаьа хьуна, я
кхаа баттахь, церан тур хьайна тIе а кхочуьйтуш,
хьайн мостагIех ведда лела лаьа хьуна, я кхаа
дийнахь Везачу Элан тур шайна тIехь хила лаьа
хьуна? Оцу деношкахь махкахь Iожаллин ун хIуттур
ду, Везачу Элан Малико берриге а Исраил-
махкахула нах хIаллак а беш. Ойла а яй, соьга хаам
бе, хIун ала аса со Ваийтинчуьнга?“»
13 Дауда Гадига элира: «Соьгахь боккха бала бу!
Везачу Элан кара дIадалийтахьара Ахь тхо, Цуьнан
къинхетам чIогIа боккха болу дела. Ткъа адамийн
кара тхо дIа ма далийтахьара».
14 ТIаккха Везачу Эло исраилхошна ун тIехийцира.
Царна юкъахь кхузткъе итт эзар стаг велира, и ун
бахьана долуш. 15 Дала Ярушалайме малик
дахийтира, иза хIаллакьяйтархьама. Малик шега
аьлларг дан доладелча, хуьлуш болу бохам а гина,
дохковаьллачу Везачу Эло адам хIаллакдеш долчу
малике элира: «Тоьар ду! ХIинца охьадахийта хьайн
куьг». Цу хенахь Везачу Элан малик явсайхо волчу
Аравнин †† хьаьттарна юххехь дара.
16 Шен бIаьргаш хьалахьажийча, Даудана гира
лаьттана а, стигална а юкъахь Ярушалаймана
тIехула баттара даькkхина тур карахь долу Везачу
Элан малик. ТIаккха Дауд а, къаной а, тIехь
сингаттаман духар а долуш, шайн яххьаш тIе
лаьтта охьаийгира. 17 Дауда Деле элира: «Халкъ
дагардайтинарг со вацара ткъа? Аса латийна и къа,
Аса дина и зулам. Ткъа хIокху наха цхьа а воćиг ца
дина. Уьш, уьстагIий санна, суна тIаьхьахIиттина
лелла. Ва сан Веза Дела, Хьан таIзар суна а, сан ден
доьзална а тIе доьрзийла, амма Хьан халкъана
тIехь и ун ма дуьсийла!»
18 Везачу Элан малико Гаде элира, Дауде
дIаалийтархьама: «Ваха а гIой, Везачу Элана сагIа
доккхуш йолу меттиг кечъе явсайхо волчу Аравнин
хьаьттарехь». 19 Везачу Эло Гадехула шега аьлларг
Дауда кхочушдира. 20 Ша кIа оруш волчу хенахь,
Аравнина юхахьаьжча, малик гира. Цуьнан виъ
кIант цу маликах дIахьулвелира. 21 Юха Дауд и
волчу веара. ДIахьаьжча, Дауд а гина, хьаьттара
схьа а ваьлла, Аравна цунна хьалха лаьтта
кхаччалц суждана вахара. 22 Дауда Аравнига элира:
«Суна хьайн хьаьтт лохьа, Везачу Элана сагIа
доккхуш йолу меттиг кхузахь соьга
кечъяйтархьама, халкъана тIедаийтина ун
сацадайтархьама. Цуьнан билггал шен болчу мехах
йохкахьа иза суна».
23 Аравнис Дауде жоп делира: «ДIаэца хьайна
хьаьтт, сан олахо волчу паччахьо шена луъург
дойла цунах. Аса хIара стерчий а дIало дийнаташ
дагоран сагIина, мекха а дIало ас дечиган метта,

† *20:5 Шамъал 17:4-7.*

†† *Кхийолчу аяташкахь (Дауд 24:16) санна: *Аравна. *Iебархойн тептар тIехь: *Орнан.**

кІа а дІало кІен сагІина. И дерриг а аса маьхза
дІало хьуна».
24 Ткъа Дауд-паччахьо Аравнига элира: «ХІан-хІа,
и хьаьтт, шен билггал болчу мехах эца лаьа суна
хьоьгара. ХІунда аьлча хьан долахь йолу хІума
Везачу Элана сайгара сагІина лур яц аса. Маьхза
еллачу хІуманах дагоран сагІа а доккхур дац аса».
25 Дауда ялх бІе *шекхал* деши делира Аравнина цу
меттигах. 26 Цигахь Дауда Везачу Элана лерина
долу сагІа доккху меттиг кечйира. Цо цигахь
дийнаташ дагоран а, бертан а сагІанаш а дехира.
ТІаккха Везачу Эле кхайкхира иза. Везачу Эло
цуьнан доІанна жоп делира, дийнаташ дагоран
сагІа доккхучу меттигна тІе стигалара цІе а йоссош.
27 ТІаккха Везачу Эло малике, шен тур батта дилла
элира. 28 Цу хенахь явсайхочун Аравнин хьаьттахь
волчу Дауда, ша Везачу Элана дІахезна хилар а
гина, циггахь сагІанаш дехира. 29 Ткъа яьссачу
аренгахь Мусас дина долу Везачу Элан четар а,
дийнаташ дагоран *сагІа доккху кхерч* а цу хенахь
ГавІон-ломан сагІа доккхучу гу тІехь лаьтташ бара.
30 Дауд ца ваьхьира Делах дагавала цига ваха,
хІунда аьлча Везачу Элан маликан туьрах
кхеравеллера иза.

22 ТІаккха Дауда элира: «Кхузахь хир ду Везачу
*Делан цІа*, Исраилан халкъо дийнаташ
дагоран *сагІа доккху кхерч* а хир бу кхузахь».

### Делан цІа дІахІотторна кечам бар

2 Дауда омра дира, исраилхойн махкахь
тІебаьхкина Іаш болу нах схьагулбе аьлла. Царна
юкъара Делан цІенна кечбеш болу тІулг хьакха нах
дІахІиттийра Дауда. 3 Цо дуккха а эчиг кечдира
кевнийн неІаршна оьшун долу хьостамий а, цу
неІарийн кІажаш а дан. Иштта барам боцуш дукха
цІаста а кечдира. 4 Дагар ца даллал дукха баганан
дечиг а охьадиллира Дауда, хІунда аьлча
цІаданхоша а, цорахоша а вуно дукха баганан
дечигаш еанера цунна. 5 Дауда элира: «Сан кІант
Сулим къона ву, иза говзалла йолуш а вац. Ткъа
Везачу Элана лерина дан деза цІа, массо а
къаьмнашна хьалха сийлаллина а, хазаллина а
долуш, чІогІа сийлахь хила дезаш ду. Цундела аса
кечам бийр бу цунна». Иштта ша дІакхалхале дукха
хІума кечдина хилла Дауда.
6 Шен кІант Сулим тІе а кхайкхина, Дауда цуьнга
весет дира, Исраилан халкъан Везачу Далла цІа де
аьлла. 7 †Дауда Сулиме элира: «Сан кІант! Сайн
Везачу Далла лерина цІа дан дагадеанера суна.
8 Амма соьга Везачу Элан дош кхечира. Цо элира:
„Ахьа адамийн дукха цІий а Іанийра, баккхий
тІемаш а бира. Суна лерина цІа ахьа дан ца деза,
хІунда аьлча Суна хьалха дукха цІий Іанийна ахьа
лаьтта тІе. 9 Хьан кІант хир ву. Иза машаре хир ву.
Массо а гонах болчу мостагІашкахьара синтем лур
бу Аса цунна, цундела цуьнан цІе Сулим †† хир ю.
Цо паччахьалла дийр долчу заманчохь Исраил-
махкана машар а, синтем а лур бу Аса. 10 Цо дийр ду
Суна лерина цІа. Со цуьнан Да хир ву, ткъа иза Сан
кІант хир ву. Исраилан халкъана тІехь долу цуьнан
а, цуьнан тІаьхьенан а паччахьалла гуттаренна а
чІагІдийр ду Аса“.
11 Ткъа хІинца, сан кІант! Хуьлийла Веза Эла
хьоьца, Ша хьох лаьцна аьлла ма-хиллара, хьайн
Везачу Далла ахь цІа дарна тІехь хьан аьтто
боккхийла Цо. 12 Исраилан халкъана тІехь паччахь
хьо дІа а хІоттош, Везачу Эло хьуна хьекъал а,
кхетам а лойла, хьайн Везачу Делан *товрат-хьехам*
хьоьга ларбайтархьама. 13 ‡Нагахь санна Везачу
Эло Исраилан халкъана Мусагахула делла парзаш
а, тІедехкинарш а кхочушдан хьо гІертахь, ахьа до
гІуллакхаш декъалдина хир ду. ЧІагІ а ло, доьналла
долуш а хила, кхера а ма кхера, са а ма гатде. 14 Аса,
къа а хьоьгуш, Везачу Элан цІенна ши бІе эзар
пунт деши а, ши миллион пунт дети а кечдина,
ткъа барам боцуш дукха цІаста а, эчиг а кечдина.
Иштта дечиг а, тІулг а кечбина аса, ткъа ахьа
тІеоьшург кечъе. 15 Хьан дуккха а белхалой бу: тІулг
хьоккхурш а, тІулгпхьераш а, дечигпхьераш а,
иштта дешица а, детица а, цІастанца а, эчигца а
муьлхха а гІуллакх дан хуур долу нах а – церан
барам бац. Хьайн гІуллакх, дІа а доладай,
чекхдаккха. Веза Эла хьоьца хуьлийла».
17 Исраилхойн массо а баьччанашна Дауда
тІедиллира шен кІантана Сулимана гІо дар. 18 Цо
элира: «Шун Веза Дела шуьца вац ткъа? Цо шуна
массо а агІор синтем ца белира ткъа? ХІунда аьлча
Цо беллера сан кара мехкан бахархой, ткъа и мохк
Везачу Элана а, Цуьнан халкъана а муьтІахь
хилира. 19 Шайн дегнаш а, шайн синош а Делехьа
дерзаде, шайн Веза Дела лахархьама. ДІа а
хІиттий, Везачу Далла лерина деза цІа де, цу чу
Везачу Элаца бинчу бертан тІорказ а, Далла
леринчу гІуллакхна лелош йолу язйина пхьегІаш а
охьаяхкархьама».

### Левихошка Делан цІа чохь гІуллакх муха дан деза аьлла дІахьедар

23 Дауд, дикка дуьне а диъна, къанвелира. Шен
кІант Сулим, Исраил-мехкан паччахь а вина,
дІахІотто лиира цунна. 2 Исраил-мехкан массо а
баьччанаш схьагулбира Дауд-паччахьо. Иштта
схьагулбира цо массо а динан коьрта дай а,
левихой а. 3 Дауд-паччахьо гулбеллачарна юккъера
берриг а ткъе итт шо я цул сов хан йолу левихой
багарбайтира. Уьш верриг а ткъе берхІитта эзар
стаг вара. 4 Дауд-паччахьо элира: «Царах ткъе виъ
эзар левихочо Везачу Элан ЦІенна тІехь бечу
белхийн куьйгалла дийр ду. Ткъа йозанца болу
белхаш бийраш а, кхелахой а ялх эзар левихо хир
ву. 5 Виъ эзар левихо ха деш хир ву, ткъа важа виъ
эзар левихо зурманаш лоькхучу гІирсаш тІехь

† 22:7-10 Дауд 7:1-16; 1 Шерашкахь 17:1-14. †† Сулим *– Іебархойн маттахь иза «синтем» бохург ду.*

‡ 22:13 ЮшаІ 1:6-9.

гӀуллакх деш хир ву. И зурманаш локху гӀирс
леррина Веза Эла хасто бина бу».
6 И левихой кхаа тобане бийкъира Дауд-
паччахьо. Уьш Левин кхаа кӀентан тӀаьхьенах бара:
ГӀиршанах, КхахӀатах, Мерарих.

### ГӀиршанан тӀаьхье

7 ГӀиршанан тӀаьхьенах царна юкъахь бара: ЛаӀдан,
ШамаӀи.
8 ЛаӀданан кхо кӀант вара: воккхаха верг – Яхьиал,
важа шиъ – Зетам а, Юал а.
9 ШамаӀин кӀентий бара: Шалумати, Хьазиал,
ХӀарон. И кхо кӀант ЛаӀданан тӀаьхьенан баьчча
вара. 10 Кхин а виъ кӀант вара ШамаӀин. Уьш бара:
Яхьат, Зиза, ЕӀуш, БериӀ. 11 Яхьат царах воккханиг
вара, ткъа Зиза шолгӀаниг вара. Ткъа ЕӀушан а,
БериӀан а бераш кӀеззиг дара, цундела уьш цхьа
доьзал санна лорура.

### КхахӀатан тӀаьхье

12 КхахӀатан виъ кӀант вара: Ӏамрам, Ицхьар,
Хьеврон, Ӏузиал.
13 †Ткъа Ӏамраман ши кӀант вара: АхӀарон а, Муса а.
АхӀарон а, цуьнан тӀаьхье а гуттаренна а
къастийнера Дала, цаьрга уггар деза гӀуллакхаш
кхочушдайтархьама. Царна тӀедиллина гӀуллакхаш
хӀорш дара: Везачу Элана хьалха хаза хьожа йогӀу
кӀур баккхар а, Цунна Ӏамал яр а, Цуьнан цӀарах
адамаш декъалдар а. 14 Ткъа Муса Делан стаг вара.
Цуьнан кӀентий Левин тӀаьхьенах лоруш бара.
15 Мусан кӀентий бара: ГӀиршам, ЭлиӀазар.
16 ГӀиршаман воккхаха волу кӀант вара Шубиал.
17 ЭлиӀазаран дуьххьарлера доьзалхо вара Рехьаб-
ЯхӀу. Кхин кӀентий бацара ЭлиӀазаран. Амма
Рехьаб-ЯхӀун дуккха а кӀентий бара.
18 Ицхьаран воккхаха волу кӀант вара Шалумати.
19 Хьевронан воккхаха волу кӀант вара Яри-ЯхӀу.
ШолгӀа кӀант Ӏамар-ЯхӀу вара. КхоалгӀаниг Яхьазиал
вара. Ткъа ЕкхамӀам Хьевронан воьалгӀа кӀант
вара.
20 Ӏузиалан воккхаха волу кӀант вара Мика. Йоши-
ЯхӀу цуьнан шолгӀа кӀант вара.

### Мераран тӀаьхье

21 Мерарин кӀентий бара: Махьли, Мушхьи.
Махьлин кӀентий бара: ЭлиӀазар, Къуша.
22 ЭлиӀазаран кӀентий бацара, цуьнан йоӀарий
бара. ЭлиӀазаран йоӀарий шайн гергара болчу
Къушин кӀенташка маре бахара.
23 Мушхьин кхо кӀант вара: Махьли, Ӏедар, Еримати.
24 Иштта яра шайн тайпанашца а, доьзалшца а
йолу Левин тӀаьхьенаш. И тӀаьхьенаш шайн
цӀерашца хӀокху йозанна тӀехь дӀаязйина ю. Ткъа
шо я цул сов хан йолчу левихошна бен ца магадора
Везачу Элан ЦӀа чохь гӀуллакхаш дан. 25 Дауда
олура: «Исраилан халкъан Везачу Дала Шен
халкъана машар белла. Веза Эла гуттаренна а
Ярушалаймехь вуьсу. 26 ††ХӀинца дуьйна Делан деза
четар а, цунна чохь гӀуллакх деш лелош йолу
хӀуманаш а лело езар яц шайца левихоша».
27 Даудан тӀаьххьара долчу омранашна тӀе а
доьгӀна, ткъа шо а, цул лакхара а хан йолчу массо а
левихоша 28 ‡Везачу Элан ЦӀа чохь гӀуллакх деш
болчу АхӀаронан тӀаьхьенах болчарна гӀо дан
дезаш дара. Левихоша цӀано латто езаш яра цу
ЦӀийнан керташкахь а, цуьнан агӀонаш тӀехь йолчу
чоьнашкахь а. Цара Везачу Элан ЦӀа чохь а,
кертахь а мел йолу хӀума цӀанйора. Левихойн болх
бара Везачу Элан ЦӀа чохь а, кертахь а гӀуллакх
дар. 29 Левихоша тергам бора Везачу Элан ЦӀа чохь
дӀахӀотточу, Далла лерина долчу баьпкан а, цара
дола дора ялтин сагӀанашна лерина долчу деман а,
иштта совсаза болчу бедах динчу хьокхамийн а,
доттучу баьпкан а, бод кечбаран а тергам бора
цара. Цара массо а хӀуманан барам лелабора.
30 ХӀора Ӏуьйранна а, суьйранна а Везачу Элана
баркалла а кхайкхош, хастамаш бан а безара
левихоша. 31 Цара изза дан дезара къастийначу
дезачу деношкахь а, керла бутт болалуш долчу
дезачу деношкахь а, дезачу шоьтан деношкахь а,
хӀоразза а Везачу Элана дийнаташ дагоран
сагӀанаш даьхча а. Яздина билгалдаькккхина ма-
хиллара, Везачу Элана хьалха гӀуллакх дан дезара
левихоша массо а хенахь.
32 Иштта, левихоша гуламан четарна уллохь ха а
дора, еза хӀуманаш лар а йора. Цара гӀо дора
АхӀаронан тӀаьхьенах болчу шайн гергарчу нахана
Везачу Элан ЦӀийнан кертахь Далла гӀуллакх дан.

### Динан дай Далла гӀуллакх дан дӀахӀиттор

24 Иштта ю АхӀаронан тӀаьхьенах схьаевлла
тобанаш. АхӀаронан кӀентий хилира Надаб,
АбихӀу, ЭлиӀазар, Итамар. 2 ‡†Надаб а, АбихӀу а шайн
дел хьалха дӀакхелхинера. Церан кӀентий ца
хилира, цундела динан дай санна гӀуллакх деш
ЭлиӀазар а, Итамар а вара. 3 Дауда а, ЭлиӀазаран
тӀаьхьенах волчу ЦӀадукъас а, Итамаран тӀаьхьенах
волчу Ахьи-Малика а тобанашкахь дӀасабийкъира
уьш, царна тӀедехкинчу гӀуллакхашка хьаьжжина.
4 ЭлиӀазаран тӀаьхьенан юкъара болу баьччанаш
Итамаран тӀаьхьенна юкъара болчарал
совбевлира. Цундела уьш иштта дӀасабийкъира:
ЭлиӀазаран тӀаьхьенах ялхитта доьзалийн баьчча,
ткъа Итамаран тӀаьхьенах – бархӀ баьчча
схьахаьржира. 5 Уьш кхаж тасарца тобанашкахь
дӀасабийкъира, хӀунда аьлча Далла хьалхахь а,
Цуьнан цӀа чохь а гӀуллакх дан дӀахӀиттийна
баьччанаш ЭлиӀазаран а, Итамаран а тӀаьхьенех
хилла. 6 Уьш дӀаязбеш вара Натунаилан кӀант
ШамӀа-ЯхӀу. Иза левихойх схьаваьлла йозанча
вара. Паччахьна а, баьччанашна а, динан дена
ЦӀадукъина а, Абу-ЯтӀарин кӀантана Ахьи-Маликана

† 23:13 Арадаккхар 28:1.

†† 23:26 Карлабаькххинарг 10:8. ‡ 23:28-32 Лелар 3:5-9.
‡† 24:2 Ӏамалъяр 10:1, 2.

а, динан дайн а, левихойн а доьзалийн
баьччанашна а хьалха уьш дIаязбеш вара ШамIа-
ЯхIу. Кхаж тосучу хенахь, цкъа хьалха цхьа доьзал
ЭлиIазаран тIаьхьенах, тIаккха Итамаран
тIаьхьенах схьахоржура цара.
7 Хьалхара кхаж ЯхIу-Ярибан белира, шолгIаниг –
ЯдаI-ЯхIун, 8 кхоалгIаниг – Хьармин, боьалгIаниг –
СаIуриман, 9 пхоьалгIаниг – Малки-ЯхIун,
йолхалгIаниг – Мияманан, 10 ворхIалгIаниг –
Къоцин, борхIалгIаниг – Аби-ЯхIун, 11 уьссалгIаниг –
ЮшаIан, уьтталгIаниг – Шахан-ЯхIун,
12 цхьайтталгIаниг – Элишубан, шуьйтталгIаниг –
Якъиман, 13 кхойтталгIаниг – Хьупайн,
бейтталгIаниг Яшаб-Абун, 14 пхуьйтталгIаниг –
Билгин, ялхитталгIаниг – Амиран,
15 вуьрхIитталгIаниг – Хьецаран, берхIитталгIаниг –
Хьапицацан, 16 ткъайоьсналгIаниг – Патахь-ЯхIун,
ткъолгIаниг – Яхьазкхиалан, 17 ткъе цхьалгIаниг –
Якинан, ткъе шолгIаниг – Гамулан, 18 ткъе
кхоалгIаниг – Дали-ЯхIун, ткъе боьалгIаниг – МаIаз-
ЯхIун.
19 Исраилан халкъан Везачу Дала, тIе а дуьллуш,
церан дегахула АхIаронехула билгал-ма-даккхара,
Везачу Элан цIа чохь гIуллакх дан уьш боьлхучу
хенахь, иштта рагI яра церан.

### Бисина левихой гIуллакхе дIахIиттор

20 Бисинчу левихойн тIаьхьенах йолчу тобанийн
баьччанаш хIорш бара:
Iамраман тIаьхьенан баьчча хилира Шубиал;
Шубиалан тIаьхьенан – Яхьди-ЯхIу;
21 Рехьаб-ЯхIун тIаьхьенан хьалхарниг вара
Йоши-ЯхIу;
22 Ицхьархойх баьчча хилира Шалумат;
Шалуматин тIаьхьенан – Яхьат;
23 Хьевронан тIаьхьенах хьалхарниг хилира Яри-
ЯхIу, шолгIаниг – Амар-ЯхIу, кхоалгIаниг –
Яхьазиал, воьалгIаниг – ЕкхамIам;
24 Iузиалан тIаьхьенах волчу Микин тIаьхьенах –
Шамир.
25 Микин ваша волчу Йоши-ЯхIун тIаьхьенах –
Закри-ЯхIу;
26 Мерарин кIентий бара: Махьли, Мушхьи, ЯIзи-
ЯхIу. 27 Мерарин кIант волчу ЯIзи-ЯхIун тIаьхьенан
баьччанаш хилира: ШухIам, Закхур, Iебар.
28 Махьлин тIаьхьенан – ЭлиIазар. ЭлиIазаран
кIентий бацара. 29 Къушин тIаьхьенан – Ярахьмиал.
30 Мушхьин кIентий бара: Махьли, Iедар, Еримати.
Иштта ю левихойн тIаьхьенаш, шайн доьзалшка
хьаьжжина.
31 Цара а, АхIаронах схьабевллачу шайн вежарша
санна, Дауд-паччахьна а, ЦIадукъина а, Ахьи-
Маликана а, динан дайн а, левихойн а доьзалийн
баьччанашна а хьалха кхаж тосура. Доьзалан
баьччано а, шен жимаха волчу вашас санна, кхаж
тосура.

### Делан цIийнан илланчаш

25 Дауда а, эскаран хьаькамаша а, дечиг-
пондаршца а, мерз-пондаршца а, цIастанан
негIаршца а мукъамаш а балош, Делера болу
хаамаш кхайкхоран гIуллакхна схьакъастийра
Асайпан а, ХIайманан а, Ядутунан а тIаьхьенах
берш. Шайн-шайн гIуллакхе хьаьжжина, иштта
болх бан дIакъастийначу нехан цIераш хIорш ю:
2 Асайпан кIентех бара: Закхур, Юсуп, Натан-ЯхIу,
Асар-Эла. Асайпан кIенташа цуьнан куьйгаллехь
гIуллакх дора, ткъа Асайпа – паччахьан
куьйгаллехь Делера болу хаамаш бора.
3 Ядутунан кIентех вара: Гадал-ЯхIу, Зари, ЯшаI-
ЯхIу, ШамаIи, Хьашби-ЯхIу, Маттит-ЯхIу. Уьш ялх
кIант вара. Царна тIехь куьйгалла а деш, церан дас
Ядутуна Делера хаамаш бора, дечиг-пондар
лакхарца Везачу Элана баркаллаш а олуш, Цунна
хастамаш а беш.
4 ХIайманан кIентех вара: Букъи-ЯхIу, Матан-ЯхIу,
Iузиал, Шубиал, Еримати, Хьанан-ЯхIу, Хьанани,
Эли-Ата, Гидалти, Румамти-Iезар, Йошбикхаша,
Малути, ХIутир, Махьзиут. 5 Хиндерг гуш волчу а,
Делера хаамаш нуьцкъала беш волчу а паччахьан
пайхамаран ХIайманан кIентий бара уьш берриш
а. Вейтта кIант а, кхо йоI а еллера Дала ХIайманна.
6 Цара массара а, шайн дайша куьйгалла а деш,
Везачу Элан цIийнан кертахь цIастанан негIаршца
а, мерз-пондаршца а, дечиг-пондаршца а иллеш
аларца Далла гIуллакх дора. Ткъа Асайп а, Ядутун а,
ХIайман а паччахьан куьйгаллехь вара.
7 Шайн гергарчаьрца цхьаьна, Везачу Элана
хьалха иллеш ала Iемина а, говза волу а ши бIе
везткъе бархI стаг вара уьш верриг а (288).
8 Цара массара а, жима а, воккха а доцуш,
хьехархоша дешархошца цхьабосса кхаж тосура,
шаьш гIуллакх дан деза рагI билгалйоккхуш.
9 Хьалхара кхаж Асайпан тIаьхьенах волчу
Юсупан белира. ШолгIаниг – Гадал-ЯхIун а, цуьнан
вежарийн а, кIентийн а белира. Уьш шийтта вара.
10 КхоалгIаниг – Закхуран а, цуьнан кIентийн а,
вежарийн а белира. Уьш шийтта вара. 11 БоьалгIа
кхаж – Изрин а, цуьнан кIентийн а, вежарийн а
белира. Уьш шийтта вара. 12 ПхоьалгIа кхаж –
Натан-ЯхIун а, цуьнан кIентийн а, вежарийн а
белира. Уьш шийтта вара. 13 ЙолхалгIа кхаж –
Букъи-ЯхIун а, цуьнан кIентийн а, вежарийн а
белира. Уьш шийтта вара. 14 ВорхIалгIаниг – Ясар-
Элан а, цуьнан кIентийн а, вежарийн а белира. Уьш
шийтта вара. 15 БорхIалгIаниг – ЯшаI-ЯхIун а,
цуьнан кIентийн а, вежарийн а белира. Уьш
шийтта вара. 16 УьссалгIаниг – Матан-ЯхIун а,
цуьнан кIентийн а, вежарийн а белира. Уьш
шийтта вара. 17 УьтталгIаниг – ШамаIин а, цуьнан
кIентийн а, вежарийн а белира. Уьш шийтта вара.
18 ЦхьайтталгIаниг – Iазариалан а, цуьнан кIентийн
а, вежарийн а белира. Уьш шийтта вара.
19 ШуьйтталгIаниг – Хьашби-ЯхIун а, цуьнан

кIентийн а, вежарийн а белира. Уьш шийтта вара.
[20] КхойтталгIаниг – Шубиалан а, цуьнан кIентийн а,
вежарийн а белира. Уьш шийтта вара.
[21] БейтталгIаниг – Маттит-ЯхIун а, цуьнан кIентийн
а, вежарийн а белира. Уьш шийтта вара.
[22] ПхуьйтталгIаниг – Ериматин а, цуьнан кIентийн
а, вежарийн а белира. Уьш шийтта вара.
[23] ЯлхитталгIаниг – Хьанан-ЯхIун а, цуьнан кIентийн
а, вежарийн а белира. Уьш шийтта вара.
[24] ВуьрхIитталгIаниг – Йошбикхашан а, цуьнан
кIентийн а, вежарийн а белира. Уьш шийтта вара.
[25] БерхIитталгIаниг – Хьананин а, цуьнан кIентийн
а, вежарийн а белира. Уьш шийтта вара.
[26] ТкъайоьсналгIаниг – Малутин а, цуьнан кIентийн
а, вежарийн а белира. Уьш шийтта вара.
[27] ТкъолгIаниг – Эли-Атин а, цуьнан кIентийн а,
вежарийн а белира. Уьш шийтта вара. [28] Ткъе
цхьалгIаниг ХIутиран а, цуьнан кIентийн а,
вежарийн а белира. Уьш шийтта вара. [29] Ткъе
шолгIаниг – Гидалтин а, цуьнан кIентийн а,
вежарийн а белира. Уьш шийтта вара. [30] Ткъе
кхоалгIаниг – Махьзиутан а, цуьнан кIентийн а,
вежарийн а белира. Уьш шийтта вара. [31] Ткъе
боьалгIаниг – Румамти-Iезаран а, цуьнан кIентийн
а, вежарийн а белира. Уьш шийтта вара.

### Везачу Элан цIийнан кевнера гIаролхой

26 Кевнашкахь гIарол дан дIахIиттийнарш
хIорш бара: кхорахьахойх – Кхурин кIант
Мишлам-ЯхIу. Иза Асайпан тIаьхьенах вара.
[2] Мишлам-ЯхIун кIентий хIорш бара: дуьххьарлера
доьзалхо Закри-ЯхIу, шолгIаниг – ЕдиIаал,
кхоалгIаниг – Забди-ЯхIу, воьалгIаниг – Ятниал,
[3] пхоьалгIаниг – Iейлам, йолхалгIаниг – ЯхIу-Хьана,
ворхIалгIаниг – Эли-ЯхIу-Iейни.
[4] †Iабади-Эдоман кIентий хIорш бара:
дуьххьарлера кIант ШамIа-ЯхIу, шолгIаниг – ЯхIу-
Забди, кхоалгIаниг – Юахьи, воьалгIаниг – Сакар,
пхоьалгIаниг – Натунаил, [5] йолхалгIаниг – Iамиал,
ворхIалгIаниг – Иссархан, борхIалгIаниг – ПаIултай.
Дала декъалвинера Iабади-Эдом.
[6] ПаIултайн кIентан ШамIа-ЯхIун а бара кIентий.
Уьш говза нах хилла дела, шайн доьзалшкахь
баьччанаш бара уьш. [7] ШамIа-ЯхIун кIентий хIорш
бара: Iотни, Рапиал, Iабади, Эли-Забда. Цуьнан
гергара нах а бара говза нах. Уьш бара ЭлихIу,
Симах-ЯхIу.
[8] Уьш берриш а Iабади-Эдоман кIентех
схьабевллера. Шайна тIедиллина гIуллакх дан
говза а болуш, иза кхочуш а деш, нах бара уьш а,
церан кIентий а, вежарий а. Уьш Iабади-Эдоман
тIаьхьенах схьаваьлла волу кхузткъе итт стаг вара.
[9] Мишлам-ЯхIун кIентий а, вежарий а шайн
гIуллакх дан говза волу берхIитта стаг вара.
[10] Мерарихо волчу Хьосин кIентий хIорш бара:
коьртаниг – Шимра (дуьххьарлера доьзалхо
воццушехь, дас коьртаниг вина дIахIоттийнера
иза), [11] шолгIаниг – Хьалкхи-ЯхIу, кхоалгIаниг –
ТIабал-ЯхIу, воьалгIаниг – Закри-ЯхIу. Хьосин
берриг кIентий а, вежарий а кхойтта стаг вара.
[12] Шайн доьзалийн баьччанашка хьаьжжина,
екъна йолчу гIаролхойн оцу тобанашна, церан
гергарчарна санна, тIедиллинера Везачу Элан
цIийнан кертахь гIуллакхаш дар. [13] Шайн
доьзалшка хьаьжжина, цара жимачо а, воккхачо
санна, кхаж тесира, хIора кевнехь гIарол дар
хьанна кхочу хьожуш. [14] Иштта Шалам-ЯхIун кхаж
белира малхбалехьа долчу кевнехь гIарол дан.
Хьекъале хьехамча волчу цуьнан кIантана Закри-
ЯхIуна а тесира кхаж. Цунна кхечира
къилбаседехьарчу кевнехь гIарол дар. [15] Iабади-
Эдомна – къилбехьарчу кевнехь, ткъа цуьнан
кIенташна чIоьнан цIеношна ха дан кхаж белира.
[16] Шупаймна а, Хьосина а – малхбузехьарчу
кевнехь а, лакхарчу урамехь долчу Шалихат-
кевнехь а гIарол дан кхаж белира. ГIаролхойн
цхьана тобано вукху тобанна тIаьхьа гIарол дора.
[17] Малхбалехьа – хIора денна ялх левихо,
къилбаседехьа – хIора денна виъ, къилбехьа – виъ,
чIоьнан цIеношкахь шишша левихо дIахIоттавора
хIора дийнахь. [18] Малхбузехьа йолчу кертана
тIебоьдучу некъа тIехь – виъ, ткъа оцу кертахь ши
левихо дIахIоттийра. [19] Иштта дара Кхорахьан а,
Мерарин а тIаьхьенан Везачу Элан цIийнан
кевнехь ха дан дIахIоттор.

### Хазнаш Iалашйинарш

[20] Ткъа церан вежарий болу левихой Делан
цIийнан хазна а, Далла гIуллакх деш къастийна
йолчу хIуманийн хазна а ларъеш бара.
[21] ГIиршанан кIентан ЛаIданан тIаьхьенан
доьзалийн баьчча вара Яхьи-Эла. [22] Яхьи-Элан
кIентий хилира Зетам а, цуьнан ваша Юал а. Уьш
Везачу Элан цIийнан хазна ларъярна тIехь
куьйгалла деш бара.
[23] Iамраман а, Ицхьаран а, Хьевронан а, Iузиалан
а тIаьхьенашна а дара тIедехкина гIуллакхаш.
[24] Мусан кIентан ГIиршаман кIант Шубиал хазнаш
ларъеш болчийн коьрта тIехьожург вара.
[25] ГIиршаман вешин ЭлиIазаран кIант вара Рехьаб-
ЯхIу. Рехьаб-ЯхIун кIант вара ЯшаI-ЯхIу. Цуьнан
кIант вара Йорам. Йораман кIант вара Зикра.
Зикрин кIант вара Шалумати. [26] Шалуматис а,
цуьнан вежарша а Дауд-паччахьо а, доьзалийн
баьччанаша а, тIеман коьрта хьаькамаша а, тIеман
хьаькамаша а, эскаран кхиболчу куьйгалхоша а
Далла дечу гIуллакхна дIакъастийна хIуманаш чохь
йолчу массо а хазнийн Iуналла дора. [27] Шаьш
тIамехь схьаяьккхинчу хIонсах цхьа дакъа Везачу
Элан цIенна оьшучунна дIакъастадора цара.
[28] Шамъал-пайхамаро а, Къушин кIанта Шаула а,
Неран кIанта Абунара а, Царуятан кIанта Йоаба а
Везачу Элана лерина дIаделла массо хIума а
Шалуматин а, цуьнан вежарийн а карахь дара.

† *26:4, 5 Дауд 6:11; Арадаккхар 13:14.*

### Кхечу левихошна тIедехкина гIуллакхаш

[29] Ицхьаран тIаьхьенах болу Ханан-ЯхIу а, цуьнан
кIентий а билгалбехира Делан цIийнан арахьара
гIуллакхаш дан. Уьш исраилхошна тIехь сардалш а,
кхелахой а бара.
[30] Хьевронан тIаьхьенах болчу Хьашби-ЯхIус а,
цуьнан вежарша а – говза волчу цхьа эзар ворхI бIе
стага – Йордан-хин малхбузехьа долчу Исраил-
мехкан латтанашкахь Везачу Элана лерина а,
паччахьна а массо а тайпана гIуллакхаш дора.
[31] Доьзалийн цIераш дIаязйинчу тептаршка
хьаьжжина, Хьевронан тIаьхьенах волу Яри-ЯхIу
хьевронхойн баьчча вара. Дауда паччахьалла до
шовзткъалгIа шо долуш тептарш толлура. Цу
хенахь хьевронхошна юкъахь говза нах карийра
ГалIад-махкарчу ЯIзир-гIалахь. [32] Яри-ЯхIун
вежарий а говза нах бара. Уьш ши эзар ворхI бIе
стаг вара. Шайн доьзалшкахь баьччанаш бара
уьш. Делан а, паччахьан а массо гIуллакх а дойтуш,
Раабанан а, Гадин а тайпанашна а, Маннашан
ахтайпанна а тIехь, коьртанаш а бина,
дIахIиттийра Дауд-паччахьо уьш.

### Эскаран дакъошна чохь долу низам

27 Доьзалийн баьччанаш а, тIеман коьрта
хьаькамаш а, тIеман хьаькамаш а, церан
ялхой а чубогIучу исраилхойн тобанийн
куьйгалхойн цIераш иштта яра. Шеран хIора
баттахь эскаран цхьацца тобано паччахьна
гIуллакх дора, цуьнца доьзна долу массо а тайпа
хIуманаш кхочуш а деш. ХIора тобанна чувогIура
ткъе виъ эзар стаг.
[2] Дуьххьарлерчу баттахь хьалхарчу тобанна тIехь
куьйгалла дора Забдиалан кIанта ЯшбаIама.
Цуьнан тобанехь ткъе виъ эзар стаг вара.
[3] ЯшбаIам Парасан тIаьхьенах вара. Шеран
хьалхарчу баттахь иза вара эскаран массо а
хьаькамашна тIехь коьртаниг.
[4] ШолгIачу баттахь гIуллакх деш йолчу тобанна
тIехь куьйгалла дора ахьохьахо волчу Додис.
Микхлута цунна гIо дора. Додин тобанехь ткъе виъ
эзар стаг вара.
[5] КхоалгIачу баттахь эскаран кхоалгIа хьаькам
вара *динан да* волчу ЯхIу-ЯдаIан кIант БенъяхIу.
Цуьнан тобанехь ткъе виъ эзар стаг вара, ткъа иза
коьртаниг вара. [6] Иза вара майрачу ткъе итт
тIемалочунна юкъара схьакъастийна волу, царна
тIехь дIахIоттийна хьаькам. БенъяхIун тобанна
тIехь куьйгалла дора цуьнан кIанта Iами-Завада.
[7] БоьалгIачу баттахь – воьалгIаниг вара Йоабан
кIант Iасаал. Цуьнан кIанта Забди-ЯхIус цул тIаьхьа
куьйгалла дира. IасахIалан тобанехь ткъе виъ эзар
стаг вара.
[8] ПхоьалгIачу баттахь – пхоьалгIаниг вара
израхьахо волу хьаькам ШамхIути. Цуьнан
тобанехь ткъе виъ эзар стаг вара.
[9] ЙолхалгIачу баттахь – йолхалгIаниг вара
такхоIхо волчу Iакхешан кIант Iира. Цуьнан
тобанехь ткъе виъ эзар стаг вара.
[10] ВорхIалгIачу баттахь – ворхIалгIаниг вара
Эпрайман тIаьхьенах волу пеланхо Хьелац. Цуьнан
тобанехь ткъе виъ эзар стаг вара.
[11] БорхIалгIачу баттахь – борхIалгIаниг вара
Зерахьан тIаьхьенах волу хьушатхо Субахи. Цуьнан
тобанехь ткъе виъ эзар стаг вара.
[12] УьссалгIачу баттахь – уьссалгIаниг вара Бен-
Яманан тIаьхьенах волу Iанатотхо Абу-Iезар.
Цуьнан тобанехь ткъе виъ эзар стаг вара.
[13] УьтталгIачу баттахь – уьтталгIаниг вара
Зерахьан тIаьхьенах волу натIупатхо Махьран.
Цуьнан тобанехь ткъе виъ эзар стаг вара.
[14] ЦхьайтталгIачу баттахь – цхьайтталгIаниг вара
Эпрайман тIаьхьенах волу пIарIатунхо БенъяхIу.
Цуьнан тобанехь ткъе виъ эзар стаг вара.
[15] ШуьйтталгIачу баттахь шуьйтталгIа хьаькам
вара Iотниалан тIаьхьенах волу натIупатхо
Хьелдай. Цуьнан тобанехь ткъе виъ эзар стаг вара.

### Исраилхойн тайпанийн хьаькамаш

[16] Исраилхойн тайпанашна тIехь болу хьаькамаш
хIорш бара:
Раабанан тайпанан коьрта хьаькам вара Зикрин
кIант ЭлиIазар;
ШимIин коьрта хьаькам вара МаIхин кIант Шапат-
ЯхIу;
[17] Левин тайпанан – Къамуалан кIант Хьашби-ЯхIу;
АхIаронан тайпанан коьрта хьаькам вара
ЦIадукъа;
[18] ЯхIудан тайпанан – Даудан вежарех волу ЭлихIу;
Иссарханан тайпанан – Микаалан кIант Iумари
вара;
[19] Забулан тайпанан – Iабди-ЯхIун кIант ИшмаI-
ЯхIу;
Напталан тайпанан – Iазриалан кIант Еримати
вара;
[20] Эпрайман тайпанан коьрта хьаькам Азаз-ЯхIун
кIант ХIушаI вара;
Маннашан ахтайпанан – Пади-ЯхIун кIант Юал;
[21] ГалIад-махкахь долчу Маннашан ахтайпанан –
Закри-ЯхIун кIант Ида вара;
Бен-Яманан тайпанан – Абунаран кIант ЯIсаал;
[22] Данан тайпанан – Ярохьаман кIант Iазариал.
Уьш исраилхойн тайпанийн баьччанаш бара.
[23] †Ткъа шо а, ткъа шарал лахара а хан ерш Дауда
дIа ца язбира, хIунда аьлча Везачу Эло Ша,
стигалара седарчий санна, Исраилан халкъ
алсамдоккхур ду аьлла, *ваIда* динера. [24] ††Царуятан
кIанта Йоаба долийра халкъ дагардан, амма цо иза
чекх ца даьккхира. И гIуллакх дарна Дела
оьгIазваханера Исраилан халкъана, цундела
цIерийн терахь Дауд-паччахьан паччахьаллин
гIуллакххийн тептаран юкъа ца дахара.

† *27:23 Доладалар 15:5; 22:17; 26:4.* †† *27:24 Дауд 24:15; 1 Шерашкахь 21:1-14.*

### Паччахьан долахь долчунна тIехь урхалла дийраш

[25] Паччахьан чIоьнан цIеношна тIехь а урхалла
дора Iадиалан кIанта Iазмавата.
Ткъа кхашна тIехь а, гIаланашкахь а, ярташкахь
а, бIаьвнашкахь а тIаьхьалонна дIадиллинчу
сурсаташна тIехь а урхалла дора Iузи-ЯхIун кIанта
ЯхIунатас.
[26] Латта лелош болчу аренийн белхалошна тIехь
урхалла дора Халубан кIанта Iезрайс.
[27] Кемсийн бошмашна тIехь урхалла дора Рама-
гIаларчу ШамаIис.
ЧагIаран чIоьнашкахь дIадехкинчу сурсаташна
тIехь урхалла дора шипамхочо Завадис.
[28] Малхбузехь долчу лаьмнийн когашкахь долчу
*зайт-дитташна* а, комарийн дитташна а тIехь
урхалла дора гадирахо волчу БаIал-Хьанана.
ТIаьхьалонна дIадиллина зайт-даьттан сурсатна
тIехь урхалла дора ЮIаша.
[29] Шарон-махкахь дажош долчу хьайбанашна
тIехь урхалла дора шаронхо волчу Шитрайс.
ТогIешна чохь дажош долчу хьайбанашна тIехь
урхалла дора Iадлайн кIанта Шаптис.
[30] Эмкалшна тIехь урхалла дора исмаьIалхо волчу
Овбила.
Варрашна тIехь урхалла дора марунихо волчу
Яхьди-ЯхIус.
[31] Жашна тIехь урхалла дора хIагирхо волчу
Язиза.
И берриге а нах Дауд-паччахьан долахь долчунна
тIехь урхалхой бара.

### Даудан хьехамчаш

[32] Даудан гергара волу ЯхIуната хьехамча вара.
Иза, хьекъал а долуш, йоза хууш стаг вара. Ткъа
Хьахманин кIант Яхьиал паччахьан кIентийн
хьехархо вара. [33] Ахьи-Тупал а вара паччахьан
хьехамча. Iаьркхихо волу Хьушай паччахьан
къастийна хьехамча вара. [34] Ахьи-Тупалал тIаьхьа
паччахьан хьехамчаш бара БенъяхIун кIант ЯхIу-
ЯдаI а, Абу-ЯтIари а. Ткъа Йоаб паччахьан эскаран
хьаькам вара.

### Дауд-паччахьо Делан цIийнах бина хьехам

28 Дауд-паччахьо Исраил-мехкан берриге
баьччанаш Ярушалайме схьагулбира:
тайпанийн хьаькамаш а, паччахьна белхаш беш
болу хьаькамаш а, тIеман коьрта хьаькамаш а,
тIеман хьаькамаш а, паччахьан а, цуьнан кIентийн
а хьал а, даьхни а лардеш болу паччахьан
уллоранаш а, берриге а майра турпалхой а,
тIемалой а.
[2] †Хьала а гIаьттина, Дауд-паччахьо элира:
«ЛадогIалаш соьга, сан вежарий а, сан халкъ а!
Суна даггара лиира Везачу Элаца бина барт
дагабоуьйтуш долу тIорказ лардан меттиг кечъян.
Суна лиира вайн Везачу Далла когийн кIело хир
йолу хIара меттиг дIанисъян. Аса *Делан цIа*
дIахIотто кечам бина. [3] Амма Дала элира соьга:
„Дауд, ахьа ма хIоттаде Суна лерина цIа, хIунда
аьлча ахьа дукха тIемаш а бина, цIий а Iанийна“.
[4] Исраилан халкъан Везачу Дала ЯхIудан тIаьхье
хаьржира, цуьнга Исраилан халкъан шийтта
тIаьхьенна тIехь олалла дайтархьама. Оцу
тIаьхьенна юкъара сан ден доьзал къастийнера
Везачу Эло. Ткъа оцу доьзал юкъара со хаьржира
Цо, гуттаренна а Исраил-мехкан паччахь вина
дIахIотторхьама. Везачу Элана лиира сох Исраил-
мехкан паччахь ван! [5] Везачу Эло дуккха а кIентий
белла суна. Оцу сан массо а кIенташна юкъара
Везачу Эло сан кIант Сулим хаьржина паччахьан
метте охьахао Везачу Эло Исраил-махкана тIехь
дечу паччахьаллехь.
[6] Везачу Эло аьлла соьга: „Дауд, хьан кIанта
Сулима дIахIоттор ду Суна лерина долу цIа а, цунна
гонахара керт а. ХIунда аьлча Аса, Сайн кIант ву
аьлла, Сулим хаьржина, ткъа Со цуьнан Да хир ву.
[7] Нагахь Сулима хIинццалц санна, кхидIа а Сан
дерриге а весеташ а, Сан хьехамаш а леррина
кхочушбахь, Аса цуьнан паччахьалла чIагIдийр ду
абаденналц“.
[8] Ткъа хIинца Везачу Эло хаьржина долчу,
гулделлачу Исраилан халкъана хьалха, Везачу Элан
гуламехь, вайн Далла дIа а хозуьйтуш, ас боху:
„Шайн Везачу Делан дерриге а весеташ леррина
кхочушде. ТIаккха далур ду шуьга кху хьаналчу
лаьтта тIехь олалла, и латта хаддаза шайн
тIаьхьенера тIаьхьене дIа а луш“.
[9] Ткъа хьуна, сан кIант Сулим, вовзийла хьайн ден
Дела. Хьайн доллучу синца а, доггах а Далла
гIуллакх де, хIунда аьлча Везачу Элана хаьа
хIораннан а даг чохь дерг а, цуьнан ойланаш а
евза Цунна. Нагахь ахьа Веза Эла лахахь, Цо Ша
каравойтур ву хьуна. Амма Шегахьара Хьо
дIаверзахь, Везачу Эло гуттаренна а дIатосур ву
хьо. [10] Сулим, хьо кхета веза, Везачу Эло Шен
сийлахь-еза меттиг, Шен цIа, дIахIотто хьо
хаьржина хиларх. ЧIагIлой, и гIуллакх чекхдаккха».
[11] Цул тIаьхьа Везачу Элана дIахIотто дезачу
цIийнан дехкина суьрташ тIехь долу кехаташ
дIаделира Дауда шен кIанте Сулиме. Оцу
кехаташна тIехь Везачу Элан цIенна гонах хир
йолчу чоьнийн, кертахь хир йолчу гIишлойн,
цуьнан чоьн-цIенойн, тIехула хир йолчу а, чухула
хир йолчу а чоьнийн, адамаш къинойх цIандеш
хир йолчу меттиган дехкина суьрташ дара.
[12] Иштта Дауда Сулиме делира шен даг чохь мел
долчун хIоттийна долу сурт. Цу юкъахь дара Везачу
Элан цIийнан гонах хир йолчу кертийн а, гонах хир
йолчу массо а чоьнийн а, Делан цIийнан хазнин а,
Далла гIуллакх деш къастийна йолчу хIуманийн
хазнин а хIоттийна долу суьрташ. [13] Дауда динан
дайн а, левихойн а тобанех лаьцна а, Везачу Элан
ЦIа чохь а, кертахь а кхочушдан дезачу гIуллакхех

† 28:2-7 Дауд 7:1-16; 1 Шерашкахь 17:1-14.

лаьцна а, и гӀуллакх деш лело езачу массо а
хӀуманех лаьцна дерриге дӀадийцира Сулиме.
14 Иштта Везачу Элан цӀа чохь гӀуллакх деш лелош
хир йолчу хӀуманашна деши а, дети а мел дезар ду
а дийцира Дауда Сулиме. 15 Оцу кехаташна тӀехь
билгалдаьккхина дара мел деши а, дети а дезар ду
шайн кӀелхӀотторгашца йолчу тайп-тайпанчу
чиркхаш чухӀотторгашна а, иштта шен
кӀелхӀотторгаца йолу хӀора чӀурам-чиркх
чухӀотторгана а, шен-шен Ӏалашонна лело езаш
йолчу. 16 ТӀаккха Дауд-паччахьо дийцира, деза
бепиг тӀехӀоттош йолчу дешин стоьлана деши мел
дезар ду. Иштта детин стоьлаш еш дети мел дезар
ду а. 17 Иштта, Дауда дийцира, цӀена деши мел
дезар ду, мӀерий, кедаш, боганаш деш. Цо дийцира,
деши мел дезар ду, хӀора дашо хедар деш, я хӀора
дато хедар деш. 18 Дауда дийцира, деши мел дезар
ду, сагӀа доккхуш хаза хьожа йогӀу хӀуманаш тӀехь
ягош болу кхерч беш. Кхин а Дауда делира Сулиме
Далла лерина кечйинчу меттиган деших дан
дезачу Везачу Элаца бина барт дагабоуьйтуш
долчу тӀорказна тӀехула, шайн тӀемаш дӀаса а
дахийтина, лаьтташ долчу маликашна гӀудалкх
муха ян еза гойту сурт а. 19 Дауда элира: «И аса
йийцина Ӏалашонаш Везачу Элан куьйгаллица
дӀаязйина яра. Везачу Эло гӀо дира суна оцу ерриге
Ӏалашонех кхета».

20 Иштта, шен кӀанте Сулиме Дауд-паччахьо кхин
а элира: «Нуьцкъала а, доьналла долуш а хилий,
дӀадоладе и гӀуллакх. Хьо кхера а ма ло, цец а ма
вала, хӀунда аьлча сан Веза Дела хьоьца ву. Иза
юхавер вац хьох, Цо вуьтур вац хьо, Везачу Элан
цӀа дӀахӀоттош ахь дан деза гӀуллакхаш дерриге
дина чекхдовллалц. 21 Ткъа динан дайн а, левихойн
а тобанаш кийча ю Делан цӀа чохь бан беза
муьлхха а болх бан. ХӀора шен гӀуллакхан говзанча
а кийча ву хьуна оцу гӀуллакхна тӀехь гӀо лаца.
Хьаькамаш а, дерриг халкъ а кийча ду хьан
муьлхха а омра кхочушдан».

### Делан цӀенна елла хазна

29 †ТӀаккха гулбеллачу массаьрга а Дауд-
паччахьо элира: «Дала шуна юкъара
хаьржина сан кӀант Сулим. Иза къона а, гӀорасиза а
ву, ткъа хӀара гӀуллакх сийлахь-деза ду. ХӀунда
аьлча хӀара гӀишло адамашна еш яц, иза вайн
Везачу Далла еш ю. 2 Сайн боллучу ницкъаца
кечдира аса сайн Делан цӀенна дашо хӀуманаш
яйта деши а, дато хӀуманаш ян дети а, цӀестан
хӀуманаш ян цӀаста а, эчиган хӀуманаш ян эчиг а,
дечиган хӀуманаш ян дечиг а, оникс олуш долу деза
тӀулгаш а, юкъадохку деза тӀулгаш а, бес-бесара
хаза тӀулгаш а, массо тайпа деза тӀулгаш а, алссам
шагатӀулг а. 3 Сайн долахь йолу кхин а цхьа хазна а
ю сан, шена чохь деши а, дети а долуш. Иза а
Делан цӀийне болчу сайн безамна Делан цӀенна
дӀало аса, айса оцу дезачу цӀенна кечдина долчул а
сов. 4 Апар-махкара деана долу ши эзар пунт цӀена
деши а, ейтта эзар пунт цӀена дети а делла аса
Делан цӀийнан чуьра пенашна тӀе диллийта. 5 Оцу
деших а, детих а дакъа делла ас говза куьйгаш
долчу адамашка массо а тайпана дашо а, дато а
хӀуманаш яйта. Кхин цхьанна а лаьий те тахана
Везачу Элана сагӀа дан?»

6 ТӀаккха доьзалийн тхьамданаша а, Исраилан
халкъан тайпанийн баьччанаша а, тӀеман коьртачу
хьаькамаша а, тӀеман хьаькамаша а, паччахьна
белхаш беш болчийн хьаькамаша а шайн даггара
сагӀа деара. 7 Цара а делира *Делан цӀа* дӀахӀотторна
итт эзар пунт дашо ахча а, итт эзар дарик олу дашо
ахча а, ткъа эзар пунт дети а, иштта цӀестан ахча а
– ткъе ялхитта эзар пунт, ши бӀе эзар пунт эчиг а.
8 ТӀаккха наха шайгахь нисделла деза тӀулгаш а
делира Везачу Элан цӀийнан хазни чу
дахкийтархьама. Уьш гӀиршанхо волчу Яхьиалан
кара дӀаделира цара. 9 Массо а тайпана сагӀина
хӀума еанчу оцу наха шайн даггара а, боккхачу
лаамца а Везачу Элана сагӀа дарна, хазахеттера
халкъана. Иштта чӀогӀа хазахетта вара Дауд-
паччахь а.

### Дауд-паччахьан хаза доӀа

10 ТӀаккха гуламе гулбеллачу массарна а хьалха,
Веза Эла декъалвеш, Дауд-паччахьо элира:
«Азалера абаденналц декъала ву Хьо, Веза Эла,
тхан ден Исраилан Дела. 11 ††Хьоьца ду, Веза Эла,
возалла а, нуьцкъалалла а, сийлалла а, толам а,
инзаре хазалла а. Стигалшкахь а, лаьттахь а мел
дерг Хьан ду. Хьан ду, Веза Эла, паччахьалла а. Хьо
ву массо а хӀуманан Коьртаниг. 12 Хьоьгара ду хьал
а, сийлалла а, Ахьа до олалла массо а хӀуманна
тӀехь. Хьан карахь ду нуьцкъалалла а, чӀагӀо а. Хьан
олаллехь ду милла а вазвар а, чӀагӀвар а. 13 ХӀинца
оха, тхан Дела, хастаме дешнаш олу Хьуна, Хьан
сийлахь-еза цӀе а хастайо оха.

14 Ткъа тхо муьлш ду: я со а, я сан халкъ а, иштта
Хьуна сагӀа дан таро хилла долу? Иза-м ша дерриге
а Хьоьгара ма ду. Хьан карара тхаьш схьаэцнарг
Хьуна дӀа а делла оха. 15 ХӀунда аьлча Хьуна хьалха
хан яккха даьхкинарш ду тхо, кхелхина лелаш долу,
тхайн хилла болу дай санна. ДӀадолуш долу ӀиндагӀ
санна, ду тхан кху лаьттара денош, тӀаьхьало
йолуш хӀумма а дац кхузахь. 16 Тхан Веза Дела!
ХӀара Хьуна дийр долчу цӀенна, Хьан сийлахь-езачу
цӀарна, оха кеч мел дина хӀума Хьан карара ду,
дерриге а Хьан ду. 17 Хаьа суна, сан Дела, Ахьа тхан
дегнаш зуьйш хилар а, Хьуна цӀена дегнаш дезаш
хилар а. Аса и дерриге а сайн цӀеначу даггара
сагӀина деана. Ткъа хӀинца кхузахь долчу халкъо
хазахетарца Хьуна сагӀа дар го суна. 18 Веза Эла,
тхан дай болчу ИбрахӀиман а, Исхьакхан а,
Исраилан а Дела! ХӀара Хьан халкъан дӀанисъелла
йолу деган ойланаш а, хӀара дика а Ӏалашдехьа
гуттаренна а. Хьайгахьа дерзадехьа хӀокху халкъан

† 29:1, 2 1 Шерашкахь 22:5.

†† 29:11 Маттай 6:13.

дегнаш. 19 Ткъа сан кIантана Сулимна а лохьа Ахьа
цIена дог, Хьан весеташ кхочушдан а, Айхьа
дIадоьллун дерг а, Хьан хьехамаш а, уьш дерриге а
кхочушдан а, ас кечбинчу гIирсах ян еза гIишло ян
а».
20 ТIаккха Дауд-паччахьо гулбеллачаьрга элира:
«ХIинца декъалве аша вайн Веза Дела!» ТIаккха оцу
гулбеллачу массара а декъалвира шайн Веза Дела,
цул тIаьхьа, гора а хIиттина, охьатаьIира уьш
Везачу Элана а, паччахьна а.

### Сулимах паччахь хуьлу

21 Ткъа шолгIачу дийнахь халкъо Везачу Элана
сагIина деана дийнаташ дайира. Цара дийнаташ
дагоран сагIанаш а дохура. Цу сагIина юкъа деара:
эзар эса а, эзар уьстагI а, эзар Iахар а, чагIаран
сагIанаш а. Иштта, Исраил-мехкан дерриге а
халкъо сагIина еана кхин дуккха а хIума яра.
22 ТIаккха Везачу Элана хьалха чIогIа хазахетарца
юуш, молуш дара халкъ.
Цул тIаьхьа Дауд-паччахьан кIант Сулим шозлагIа
а паччахь хIотторна къобалвира. Иштта, Везачу
Элана хьалха Сулим къобалвира паччахьалла
дарна, ткъа ЦIадукъа *динан да* хилийта
къобалвира. 23 Иштта, Везачу Элана хьалха, шен
ден Дауд-паччахьан метта, паччахь хилла,
охьахиира Сулим. Сулим-паччахь декъал хилира,
Исраил-мехкан дерриге а халкъ цунна муьтIахь
дара. †24 Массо хьаькамаш а, тIемалой а, Дауд-
паччахьан берриге кIентий а Сулим-паччахьан
куьйга кIел бахара. 25 Иштта, Исраил-мехкан
дерриге а халкъана хьалха Везачу Эло Сулим
вазвира. Паччахьан хуьлу сийлалла делира цунна
Везачу Эло, Исраил-мехкан цхьанна а паччахьан
ца хиллачу тайпана.

### Дауд-паччахьан дIакхалхар

26 Юшайн кIанта, Дауд-паччахьо, олалла дина
берриге а Исраил-махкана тIехь. 27 ††Дауд-паччахьо
Исраил-махкахь олалла дина хан шовзткъа шо яра.
Хьевронехь – ворхI шарахь, ткъа Ярушалаймехь
ткъе кхойтта шарахь паччахьалла дира Дауда.
28 ТIаккха шортта хиллачу хьолах, сийлаллех
вуьзна, дикка дуьне диъна, хан яьлла стаг волуш
дIакхелхира Дауд-паччахь. Цуьнан метта паччахь
хилла дIахIоьттира цуьнан кIант Сулим. 29 Дауд-
паччахьан юьхьанца дуьйна тIаьххьалц а хиллачу
гIуллакхех лаьцна яздина ду Делера долу хиндерг
гуш хиллачу Шамъалан йозанаш тIехь а, Ната-
пайхамаран а, Делера дерг гуш волчу Гада-
пайхамаран а йозанаш тIехь а. 30 Иштта, Дауда
динчу паччахьаллех а, цуьнан доьналлех а, цуьнан
шен а, Исраил-мехкан хиллачу гIуллакхех а, гонах
хиллачу кхечу пачхьалкхех а лаьцна хIуманаш
яздина ду оцу йозанийн тептарш тIехь.

---

† *29:23 Шамъал 2:12.* †† *29:27 Дауд 5:4, 5; 1 Шерашкахь 3:4.*

# 2 Шерашкахь

## Дешхьалхе

ШолгIачу тептар тIехь кхидIа а дуьйцуш ду тептар тIехь долийнарг. ХIара тептар кхаа декъе декъа тарло: 1) Сулим-паччахьо олалла дар (1-9 кортош); 2) ЯрбаIам-паччахьо куьйгалла а деш, Сулим-паччахьан кIантана РахьбуIамна къилбаседера тайпанаш дуьхьалдовлар (10 корта); 3) ЯхIудан пачхьалкхехь хиллачух лаьцна дийцар (11-36 кортош). Тептаран чаккхенехь дуьйцу Iийса дуьнен чу валале пхи бIе дезткъе йолхалгIачу шарахь Ярушалайм-гIала йожарх лаьцна.

### Сулима шена хьекъалалла доьхуш дина доIа

(Сулим 3:1-15)

1 Даудан кIентан Сулиман шен пачхьалкхана
тIехь куьйгалла дар чIагIлуш лаьтташ дара.
Цуьнан Веза Дела цуьнца вара. Цо Сулим вазвира.
2 Сулим-паччахьо омра дира, берриг а исраилхой
схьагулбе аьлла: тIеман коьрта хьаькамаш а,
тIеман хьаькамаш а, кхелахой а, берриг а Исраил-
махкара массо а куьйгалхо а, доьзалийн баьчча а.
3 Иштта Сулим а, берриг а гулбелларш а ГавIон-
гIаларчу гу тIе бахара, хIунда аьлча Везачу Элан
ялхо волчу Мусас яьссачу аренгахь ша волуш дина
гуламан четар цигахь хIинца а лаьтташ дара.
4 †Делан бертан тIорказ Кхиръят-ЯIарим-гIалара
Ярушалаймехь ша кечйинчу метте схьадеанера
Дауда, цунна четар а дина. 5 ††Ткъа Хьорин кIентан
Урин кIанта Бацалиала бина сагIа доккху цIестан
кхерч цигахь, ГавIонерачу гу тIехь, Везачу Элан
четарна хьалха битинера. Цигахь Сулим-паччахь а,
цуьнца баьхкинарш а Везачу Элах дагабевлира.
6 ТIаккха, гуламан четар долчу, Везачу Элана
хьалха, оцу цIестан кхерча тIе а кхаьчна, цунна
тIехь эзар дийнат а дагош, сагIа даьккхира Сулим-
паччахьо.
7 Цу буьйсанна Сулимна гIенахь Дела
дуьхьалхIоьттира. Цо элира: «Деха хьайна луъург».
8 Сулим-паччахьо Деле жоп делира: «Ахьа, сан
дена Даудана доккха дика дина, со цуьнан метта
паччахь а хIоттийна. 9 ‡Ва Веза Дела,
кхочушхуьлийла Ахьа сан дена Даудана йина
чIагIо. Лаьттан чан санна дукха долчу халкъана
тIехь, Ахьа, со паччахь а вина, дIахIоттийна дела,
10 лохьа суна хьекъалалла а, хаарш а, хIокху
халкъана тIехь аса куьйгалла муха дан деза
хаархьама, хIунда аьлча хьаьнга далур ду хIокху
Хьан дуккха а долчу халкъана тIехь урхалла?»
11 Дала Сулиме элира: «И ахь дехнарг хьан деган
лаам хиларна а, бахам а, хьал а, сийлалла а, хьайн
мостагIийн синош хIаллакдар а, иштта хьайн
дахаран хан яхъяр а ца доьхуш, Аса хьо паччахь
хIоттийначу Сан халкъана тIехь урхалла дархьама,
хьайна хьекъалалла а, хаарш а ахьа дехарна, 12 лур
ду Ас хьуна хьекъалалла а, хаарш а. Иштта бахам а,
хьал а, сийлалла а лур ду Аса хьуна, хьол хьалха
хиллачу паччахьийн а, хьол тIаьхьа хир болчийн а
доцучу тайпана».

### Сулиман ницкъкъий, бахаммий

(Сулим 10:26-29)

13 ТIаккха Сулим-паччахь ГавIонерачу гу тIехь
долчу гуламан четар долчуьра Ярушалайме
юхавирзира. Цо исраилхошна тIехь паччахьалла
дира. 14 ‡†Сулим-паччахьо гIудалкхаш а, дой а
гулдира ‡‡. Иштта цуьнан цхьа эзар йиъ бIе гIудалкх
а яра, шийтта эзар дин а бара ‡‡†. Цо уьш
гIудалкхаш дIахIоттош йолчу гIаланашкахь а, ша
волчохь Ярушалаймехь а дIатарйира. 15 Детин а,
дешин а барам тIулгаш долччул дукха хилла
дIахIоттийра цо Ярушалайм-гIалахь. Лаьмнийн
кIажашкахь долчу диттийн барам а дезачу баганан
диттийн бараме нисбина, дIахIоттийра Сулим-
паччахьо. 16 ‡‡‡Ткъа говраш Мисар-махкара а, Килик
§ цIе йолчу махкара а ялайора Сулим-паччахьо.
Паччахьан совдегарша Килик-махкахь и говраш
ахчанах схьаоьцура. 17 Мисар-махкара ялочу
гIудалкхан мах ялх бIе дато шекхал §† бара, ткъа
цигара балочу динан мах цхьа бIе шовзткъе итт
дато шекхал бара. Иштта уьш ерриш а хьетахойн а,

† 1:4 Дауд 6:1-17; Арадаккхар 13:5-14; 15:25–16:1. †† 1:5 Арадаккхар 38:1-7. ‡ 1:9 Доладалар 13:16; 28:14.

‡† 1:14 Сулим 4:26. ‡‡ Дой гулдира *– я иштта: *дошлой гулбира.* ‡‡† Шийтта эзар дин а бара *– я иштта: *шийтта эзар дошло а вара.* ‡‡‡ 1:16 Карлабаьккхинарг 17:16. § Килик *– Iебархойн маттахь: *Кхавей.* §† Шекхал *– цхьа шекхал итт грамм барамехь ду.*

арамхойн а паччахьашна схьаялайора совдегарша.

### Сулим-паччахьо Делан цIа дан а, керт ян а кечам бар

(Сулим 5:1-18)

2 Везачу Элан цIе язъян лерина долу цIа а, шена
лерина долу паччахьан цIа а дан сацам бира
Сулима. 2 Деза *кира* лелош волу кхузткъе итт эзар
стаг а, лаьмнашкахь тIулг схьабоккхуш волу
везткъа эзар стаг а, царна тIехьожуш волу кхо эзар
ялх бIе хьаькам а вара цуьнан.
3 Цора-гIаларчу паччахьна Хьирамана † тIе нах
бахийтира Сулим-паччахьо, цуьнга дIаалийта:
«Ахьа сан дена Даудана чохь Iан паччахьан цIа
дечу хенахь, баганан дечиг а духкуш, гIуллакх дина
ма-хиллара, суна а гIо дехьа. 4 Аса хIинца сайн
Везачу Делан цIе язъян лерина долу цIа дан долош
ду. И цIа аса дIакъастор ду, цигахь Цунна лерина
хаза хьожа йогIу хIуманаш ягаяйтархьама а,
даздина баьпкаш шен рожехь
дIахIиттадайтархьама а, хIора Iуьйранна а,
суьйранна а, иштта шоьтан дийнахь а, керла бутт
болалуш дезачу деношкахь а, тхан Везачу Далла
лерина долчу къастийначу дезачу деношкахь а
дийнаташ дагоран сагIанаш дахийтархьама а. Иза
иштта гуттаренна а тIедиллинера Дала Исраилан
халкъана. 5 Аса ден долу цIа доккха хир ду, хIунда
аьлча тхан Дела массо деланел а воккха ву. 6 ††Иза-х
стигалшна – ур-атталла уггар лекхачу стигалшна а
чу ца тарваллал ву. Цхьаннан а ницкъ кхочур буй
те Цунна цIа дан? Со мила вара, Цо Шен цIа дан
пурба суна даллал? И цIа – Цунна лерина сагIа
доккху меттиг бен хир ма яц! 7 Ткъа хIинца цхьа
говза пхьар ваийтахьа со волчу. Деших а, детих а,
цIастанах а, эчигах а хIуманаш ян а хууш, иштта
таьIна цIечу а, цIарула-цIечу а, сийначу а басахь
долчу тех хIуманаш ян хууш а, хадорца хIуманашна
куьцаш деш волу стаг хила веза иза. Сан дас Дауда
ЯхIуд-махкахь а, Ярушалайм-гIалахь а къобалбина
хиллачу говзанчашца цхьаьна белхаш бийр бара
цо. 8 Баганан а, зоьзан а дечиг а, Ливанун-махкара
цIен дечиг а даийтахьара ахьа, хIунда аьлча суна
хаьа, хьан белхалой Ливанун-хьун хьакха говзалла
йолуш буйла. Сан белхалоша хьайчаьрца цхьаьна
болх бийр бара, 9 кеч а дина, алссам дечиг суна
охьадиллийтархьама. ХIунда аьлча аса деш долу
цIа доккха а, исбаьхьа а ду. 10 Аса хьан хьун
хьокхучарна кхача латтор бу: бIе эзар гали кIа а,
бIе эзар гали мукх а, ткъа эзар черма чагIар а, ткъа
эзар черма зайтдаьтта а».
11 Цора-гIалин паччахьо Хьирама, Сулиме жоп а
луш, кехат яздира. Цо бохура: «Шен халкъе болчу
безамна Везачу Эло цунна тIехь хьо паччахь
дIахIоттийна». 12 Хьирама кхин а элира: «Декъала
ву стигала а, латта а кхоьллина волу Исраилан Дела
волу Веза Эла! Везачу Элана лерина цIа а, шена
паччахьан цIа а дан воллуш волу, хаарш а, кхетам а
болуш волу хьекъале кIант Дауд-паччахьна
веллера Цо. 13 Хьекъал а долуш, говза стаг волу
Хьирам-Аби-ЯхIу ‡ воуьйту аса хьо волчу. 14 Иза
Данан тIаьхьенах йолчу зудчун кIант ву. Цуьнан да
цорахо ву. Деших а, детих а, цIастанах а, эчигах а,
тIулгах а, дечигах а, таьIна цIечу а, цIарула-цIечу а,
сийначу а басахь долчу тех а, дуткъачу кIадих а
хIуманаш ян а, хадорца хIуманашна тайп-тайпана
куьцаш дан говзалла а ю цуьнан. Шега делла
муьлхха а суртдаран гIуллакх кхочушдан тарлур ду
цунна. Шена тIедиллинарг дерриг а кхочушдийр ду
цо хьан а, сан олахо волчу хьан ден Даудан а
говзанчашца цхьаьна. 15 Ткъа хIинца, сан олахо,
айхьа доуьйтур ду аьлла кIа а, мукх а, зайтдаьтта а,
чагIар а даийтахьа хьайн ялхой долчу тхуна. 16 Сан
ялхоша, хьуна оьшшучул Ливанун-хьун а хьаькхна,
и дечиг хIордахула, машшашца цхьаьна а дихкина,
Яппи-гIала дIакхачор ду, ткъа ахьа иза Ярушалайме
дIахьур ду».

### Везачу Элан цIа дан доладо

(Сулим 6:1-38)

17 Шен дас Дауда доьзалийн цIераш дIаязъечу
тептар тIе тIаьхьа Исраилан махка цу хенахь
тIебаьхкина хилла болу берриг а нах дIаязбайтира
Сулима. Уьш цхьа бIе шовзткъе кхойтта эзар ялх
бIе стаг вара. 18 Царах кхузткъе итт эзар кира
лелорхо а, везткъа эзар лаьмнашкара тIулг
баккхархо а, и халкъ балхана тIедерзадайта кхо
эзар ялх бIе тIехьожуш волу стаг а
билгалваьккхира Сулима.
3 ‡‡Ярушалаймерчу Мори-лам тIехь Везачу Элан
цIа дан долийра Сулима. Оцу лома тIехь Веза
Эла Сулиман дена Даудана дуьхьалхIоьттинера.
Иза хиллера явсайхо волчу Орнан хьаьттахь. Дауд-
паччахьо кечйинера и меттиг. 2 Иза дара Сулима
паччахьалла дечу доьалгIачу шеран шолгIачу
беттан шолгIачу дийнахь. 3 Сулима деш долчу
Делан цIийнан бух иштта бара: бахалла – кхузткъа
дол (ширачу дустарехь), шоралла – ткъа дол.
4 ЦIийнан шораллехь цунна хьалха йина уче яра,
ткъа дол шуьйра а, бIе ткъа дол лекха а йолуш. И
уче чухула цIена деши диллина йинера. 5 ГIишлон
коьрта цIа баганан дечигах дина дара, тIехула
деши а дуьллуш. Цу дешин тIехула хурма-диттийн
а, юьйцинчу зIенийн а суьрташ дехкира. 6 ТIаккха,
куц а доккхуш, тIехула деза тIулгаш дехкира. И
деши Парвайм-махкара деана дара. 7 ЦIенна а,
цуьнан ханнашна а, неIсагIанашна а, пенашна а,
корашна а, неIаршна а тIехула деши диллира, ткъа
пенаш тIехь каруб-маликийн суьрташ дехкира.
8 ‡‡Везачу Элан цIа чохь, цуьнан шораллин бараме
хьаьжжина, уггаре а еза чоь яйтира Сулим-
паччахьо. Цуьнан яхалла а, шоралла а ткъатткъа
дол яра. Цу цIа чу дахара цхьа эзар ши бIе пунт

† *Хьирам *– Iебархойн маттахь кхузахь «Хьурам» ю. Иза Хьираман кхин цIе ю.** †† *2:6 Сулим 8:27; 2 Шерашкахь 6:18.*

‡ *Хьирам-Аби-ЯхIу *– иза Хьираман кхин цIе ю.** ‡† *3:1 Доладалар 22:22.* ‡‡ *3:8 Арадаккхар 26:33, 34.*

деши. 9 Хьостамий а динера, хIора хьостам
шовзткъе итт шекхал † деших а беш. Иштта лакха
тIехь йолчу чоьнашна а деши диллира.
10 ††Везачу Элан цIийнан уггаре а дезачу цIа чохь
шина каруб-маликан сурт дайтира Сулима, царна
тIе деши а дуьллуьйтуш. 11 Каруб-маликийн беа
тIоман йохалла ткъа дол яра. Цхьана каруб-
маликан пхи дол хиллал беха болу тIам пенах
хьакхалора, ткъа оццул беха болу важа тIам вукху
каруб-маликан тIомах хьакхалора. 12 Оццу
барамехь болу шолгIачу каруб-маликан цхьа тIам а
пенах хьакхалора, ткъа церан чухула долу тIемаш
цIенна юккъехь вовшахкхетара. 13 Оцу каруб-
маликийн беа тIоман йохалла ткъа дол яра. Уьш
шайн когаш тIехь лаьттара. Церан яххьаш Везачу
Элан цIийнан йоккхачу хьалхарчу чоьнна тIе
ерзийна яра. 14 ‡Иштта сийначу а, таьIна-цIечу а,
цIарула-цIечу а басахь долчу кIадих а, дуткъачу
кIадих а кирхьа дайтира цо, цу тIехь каруб-
маликийн суьрташ а дохкуьйтуш.

### ЦIестан ши бIогIам
(Сулим 7:15-22)

15 Везачу Элан цIенна хьалха цIестан ши бIогIам
дIахIоттабайтира паччахьо. ХIора бIогIаман
лакхалла ткъе пхийтта дол яра. Оцу бIогIаман
буьххье дилла цIастанах ши *таж* доьттира. Церан
хIораннан а лакхалла пхиппа дол яра. 16 Юьйцина
зIенаш а яйтира цо, уьш шина бIогIамна тIе а
йохкуьйтуш. Царна тIе, куц а доккхуш, наран цхьа
бIе стоьман сурт диллийтира. 17 ТIаккха и
бIогIамаш Везачу Элан цIенна хьалха
дIахIиттабайтира: цхьа бIогIам аьтту агIор, важа
аьрру агIор. Аьтту агIор дIахIоттийначунна, «Якин»
аьлла, цIе тиллира (иза «Дала дIахIоттор» бохучух
тера ду). Аьрру агIор дIахIоттийначух «БоIаз»
элира, (иза «Делан нуьцкъалалла» бохучух тера ду).

### Везачу Элан цIа чохь лело йина хIуманаш
(Сулим 7:23-51)

4 ‡†Иштта Сулим-паччахьо сагIа даккха лерина
болу цIестан кхерч а байтира: иза ткъа *дол*
хиллал беха а, ткъа дол шуьйра а, итт дол лекха а
бара. 2 Лалийначу цIастанах боккха яй байтира цо.
Цуьнан цхьана йистера вукху йисте кхаччалц болу
барам итт дол бара. Пхи дол кIорга а бара иза. Оцу
ен го ткъе итт дол бара. 3 ЦIастанах дина стерчий а
дара гобаьккхина цу ен кIел, цуьнца
цхьаьнадоьттина. Уьш шина моггIара дехкинера,
церан лакхалла итт дол яра. 4 И яй цIастанах бинчу
шийтта старана тIехь лаьтташ бара. Царах кхоъ
къилбаседехьа, кхоъ малхбузехьа, кхоъ къилбехьа,
кхоъ малхбалехьа берзийна бара. Ткъа церан
тIехьенаш ена кIел, юккъехьа, ерзийна яра. 5 Оцу
ен стоммалла куьйган кераюккъалц яра, ткъа
цуьнан йистош дIаделладеллачу петIамат-зезаган
куьцехь йинера. Цу чу кхузткъе итт эзар *чами*
хиллал хи доьдура. 6 ‡‡Иштта цIестан итт юьхь-куьг
дуьлург а яйтира цо. Царах пхиъ къилбехьа агIор,
важа пхиъ къилбаседехьа агIор дIахIоттаяйтира, цу
чохь дагоран сагIина деана дийнатийн дакъош
цIандархьама. Ткъа цIестан боккха яй динан
дайшна бинера, уьш цу чохь Далла гергахь
цIанбалархьама.
7 ‡‡†Хила ма-безза болу итт стогар байтира цо
деших. Уьш Везачу Элан цIа чу биллийтира: пхиъ –
къилбехьа агIор, важа пхиъ – къилбаседехьа агIор.
8 ‡‡‡Далла лерина долу бепиг тIедилла итт стол
яйтира цо. Уьш Везачу Элан цIа чохь пхиъ
къилбехьа агIор, важа пхиъ къилбаседехьа агIор
дIахIиттаяйтира цо. Иштта деших цхьа бIе кад а
байтира.
9 Динан дайн керт а, йоккха керт а яйтира цо.
Иштта йоккхачу кертана чуволу кевнаш дайтира,
царна йоьзан варкъ а дуьллуш. 10 Чохь хи долу и
боккха цIестан яй Везачу Элан цIийнан къилба-
малхбалехьара агIор дIахIоттабайтинера Сулима.
11 Иштта Хьирама кхин а тесаш, кегий белаш,
кегий кедаш дира. Цу тайпана чекхбехира Хьирама
Сулим-паччахьна *Делан цIа* чохь ша беш болу
белхаш:
12 ши бIогIам а,
царна гонах таьжнийн ши го а,
оцу таьжнийн суьрташ тIедехкина долчу
бIогIамийн боххьехь бойнан ши сурт а.
13 Оцу бойнан шина суьрта тIе билла биъ бIе
цIестан *нар-стом* бира Хьирама. И стоьмаш шишша
могIарехь оцу бIогIамашна тIе дехкинчу
таьжнашна тIерачу бойнийн суьрташ тIе дехкира.
14 КIелхIотторгаш а, царна тIеюьллу юьхь-куьг
дуьлургаш а,
15 цIестан боккха яй, цунна бухара шийтта
цIестан сту а,
16 тесаш, белаш, мIерий, церан массо а кхиболу
гIирс а бира цо.
Сулим-паччахьан дехарца Хьирам-Аби-ЯхIус §
Везачу Элан цIенна мел йина хIума а заьнгала
динчу цIастанах йинера.
17 И ерриг а хIума Йордан-хин тогIи чохь
сацкъарах йинчу кепаш чохь йоттийтинера Сулим-
паччахьо. Иза дара Сакхат а, ЦIардан а олучу
меттигашна юккъехь. 18 И хIуманаш вуно дукха
яйтинера Сулима, цундела уьш еш дайинчу
цIастанан барам буста а ца лора.
19 Иштта Делан цIа чохь оьшур йолу массо а хIума
яйтинера Сулим-паччахьо: дашо кхерч а, Далла
лерина долу бепиг тIедуьллу стоьлаш а, 20 церан
къуьданашца болу а, цIеначу деших боьттина болу
а стогарш (уьш, тIедиллина ма-хиллара, уггар езачу
чухуларчу чоьнна хьалха латабора), 21 зезагийн

† *Шекхал *– цхьа шекхал итт грамм барамал яра.** †† *3:10-13 Арадаккхар 25:18-20.* ‡ *3:14 Арадаккхар 26:31.* ‡† *4:1 Арадаккхар 27:1, 2.*

‡‡ *4:6 Арадаккхар 30:17-21.* ‡‡† *4:7 Арадаккхар 25:31-40.* ‡‡‡ *4:8 Арадаккхар 25:23-30.* § *Хьирам-Аби-ЯхIу *– иза Хьираман кхин цIе ю.**

суьрташ а, чІурам хІотторгаш а, морзахаш а (и
ерриг хІума а цІеначу деших йинера), 22 цІеначу
деших дина тукарш а, боганаш а, *хаза хьожа йогІу*
*хІума* чуюьллуш долу кедаш а, богуш болу кІора
дІасабахьа нойш а. Делан цІийнан неІарш (уггар
езачу чоьнан чуьра неІарш а, Делан цІийнан важа
неІарш а) деших йинера.

5 †Иштта чекхбехира Сулим-паччахьо Везачу
Элан цІенна шена бан лиъна болу берриг а
белхаш. Шен дас, Дауда, Далла лерина лелош
хилла мел йолу сийлаллин-еза хІуманаш цу цІа чу
ехкира Сулима. Делан цІийнан хазни чу деши а,
дети а, кхин йолу хІуманаш а дІаелира цо.

## Бертан тІорказ Делан цІа чу диллар

(Сулим 8:1-9)

2 ††ТІаккха Исраилан халкъан къаной а,
исраилхойн тайпанийн а, гаранийн а, доьзалийн а
берриг а баьччанаш а Ярушалайме шена
тІекхайкхира Сулима, хьалха Цийон олуш хиллачу
Даудан гІалара Везачу Элаца бинчу бертан тІорказ
схьадаийтархьама. 3 Иштта шеран ворхІалгІачу
беттан дезачу деношкахь ‡ дерриг а Исраилан
халкъ Сулим-паччахь волчу гулделира.
4 Исраилхойн массо а къаной цига баьхкича,
левихоша бертан тІорказ схьаийцира. 5 Бертан
тІорказ а, гуламан четар а, цу чохь мел хиллачу
сийлаллин-езачу хІуманашца, схьа а эцна,
дІадаьхьира динан дайша а, левихоша а. 6 Ткъа
Сулим-паччахь а, иштта иза волчу гулделла
Исраилан дерриг халкъ а дезачу тІорказна хьалха
лаьттара. Цара Далла лерина дийнатийн сагІанаш
дохура. Далийна бежанаш а, жа а дукха хиларна
дагар а ца далора. 7 Динан дайша Везачу Элаца
бинчу бертан тІорказ, схьа а деана, Делан цІийнан
чухуларчу а, уггар а езачу чоьнна чохь шен метте,
каруб-маликийн суьртийн тІемашна кІел,
охьадиллира. 8 Оцу маликийн суьртийн тІемаш цу
тІорказна тІехула дІасадаржийна дара, цундела
тІорказ а, цуьнан схьалоцу гІуркхаш а цара
дІахьулдора. 9 И гІуркхаш деха хиларна, церан
юьхьигаш гучуйовлура езачу чоьнна чуьра уггар
езачу чухуларчу чоьнна хьалха агІор. Амма
арахула и юьхьигаш гуш яцара. Уьш тахханалц а цу
чохь лаьтташ ю. 10 ‡†Оцу дезачу тІорказ чохь, Мусас
чуйиллина хилла йолу тІулган ши экъа йоцург,
кхин хІумма а яцара. ТІулган и экъанаш Муса-
пайхамаро цу чу ехкинера, Хьариб олучу меттигехь
Везачу Эло Исраилан халкъаца барт а бина, иза
Мисар-махкара арадаьккхинчул тІаьхьа.

## Везачу Элан сийлалла

11 Динан дай езачу чоьнна чуьра арабевлира.
Ткъа цул хьалха цигахь хиллачу берриге а динан
дайша, къастамаш а ца беш, Далла хьалха шаьш
цІанбинера. 12 Зурманчаш болу берриге а левихой
– Асайп, ХІайман, Ядутун, церан кІентий а, вежарий
а – тІехь дуткъачу кІадих дина духар а долуш,
цІастанан жима негІарш а, тайп-тайпана дечиган
пондарш а лоькхуш, сагІа доккхучу кхерчан
малхбалехьа агІор лаьтташ бара. Цаьрца цхьаьна
цхьа бІе ткъа *динан да* вара, турбанаш лоькхуш.
13 ‡‡Турба лоькхурш а, илланчаш а, цхьаъ болуш
санна, эбина мукъам балош лаьттара, Везачу Элана
хастамаш а беш, Цунна баркалла а бохуш.
Турбанашца а, цІастанан жимачу негІаршца а,
кхечу гІирсашца а цхьаьна айдинчу озаца цара
Везачу Элана хастамаш бора:

«Веза Эла ма дика ву!
Цуьнан безам хедар боцуш бу!»

Оццу юкъана Везачу Элан цІа мархах дуьзира.
14 И марха бахьана долуш, динан дай шаьш
гІуллакх дечохь латта а ца лора, *Делан цІа* Везачу
Элан сийлаллин нуьрах дузарна.

## Сулим-паччахь халкъе вистхилар

(Сулим 8:12-21)

6 ТІаккха Сулима элира:
«Везачу Эло Шен боданехь Іан лаам бу
аьллера.

2 Ткъа аса Хьуна исбаьхьа цІа дІахІоттийна,
Хьо цу чохь абаденналц вахийта».

3 Дерриг а Исраилан халкъ дара цигахь лаьтташ.
Халкъехьа а вирзина, Сулим-паччахьо декъалдира
иза. 4 ‡‡†ТІаккха паччахьо элира: «Декъала ву
Исраилан халкъан Веза Дела, сан дена Даудана, Ша
делла дош Шен куьйгаца кхочушдина Волу! Цо
аьллера сан дега: 5 „Мисар-махкара Сайн халкъ
Айса арадаьккхичхьана дуьйна схьа, Исраилан
тайпанийн мехкашкара цхьа а гІала ца къастийра
Аса, Сан цІе язъян лерина цІа хилийтархьама. Я
цхьа а адам ца хаьржира Аса, Сайн Исраилан
халкъана тІехь баьчча хилийта. 6 Ткъа хІинца
Ярушалайм-гІала схьахаьржина Аса, Сайн цІе
язъян лерина цІа цигахь хилийта, ткъа Дауд
хаьржина Аса, Сайн Исраилан халкъана тІехь
олалла дайта“.

7 Сан дена Даудана чІогІа лиира Исраилан
халкъан Везачу Делан цІе язъян лерина долу цІа
дІахІотто. 8 Амма Везачу Эло аьллера сан дега
Дауде: „Суна хаьа, Сан цІе язъян лерина долу цІа
хІоттадан хьан чІогІа лаам хилар. Хьуна и лаар
дика ду. 9 Амма хьо вац Аса и цІа дІахІотто
хаьржинарг. Хьох ваьлла волчу хьан кІанта дийр ду
Сан цІе язъян лерина долу цІа“.

10 Иштта Везачу Эло Ша делла дош кхочушдира.
Сан ден метта Исраил-мехкан паччахьан гІанта тІе
хиира со, хІинца со паччахь а ву, Везачу Эло ма-
аллара. Аса Исраилан халкъан Везачу Делан цІе
язъян лерина долу цІа а дІахІоттийна. 11 Везачу Эло

† *5:1 Дауд 8:11; 1 Шерашкахь 18:11.* †† *5:2 Дауд 6:12-15; 1 Шерашкахь 15:25-28.* ‡ *Дезачу деношкахь *– схьахетарехь, адамаш кхалораш чохь Іаш долу деза денош ду уьш.** ‡† *5:10 Карлабаьккхинарг 10:5.*

‡‡ *5:13, 14 Арадаккхар 40:34, 35.* ‡‡† *6:4-9 Дауд 7:1-13; 1 Шерашкахь 17:1-12.*

Исраилан халкъаца бина барт тIеязбина йолу
тIулгийн экъанаш шена чохь Iуьллу тIорказ цу цIа
чу охьадиллина аса».

### Сулима дина доIа
(Сулим 8:22-53)

12 ТIаккха, Везачу Элан сагIа доккхучу кхерчана
хьалха дIа а хIоьттина, гулделлачу массо а
Исраилан халкъана хьалха Сулим-паччахьо шен
куьйгаш хьалаайира. 13 Кертана юккъехь
хьалаайаелла йолу цIестан лакхе яйтинера Сулима.
Цуьнан яхалла а, шоралла а пхиппа дол яра, ткъа
лакхалла кхо дол яра. Сулима, цу тIе а ваьлла,
схьагулбеллачу массо а исраилхошна хьалха гора а
вахана, шен куьйгаш стигала хьалакховдийра. 14 Цо
элира: «Ва Исраилан халкъан Веза Дела! Я
стигалахь, я лаьттахь вац Хьох тера волу Дела.
Вайна юкъахь болу барт лар а беш, цунна Хьо
тешаме хуьлу доггах Хьайна тIаьхьахIиттинчу
Хьайн лешна. 15 Ахь кхочушдина Хьайн лай волчу
сан дена Даудана Айхьа делла дош. Ахьа иза Хьайн
багара даьккхинера, ткъа тахана Хьайн куьйгаца
кхочушдина. 16 †Ткъа хIинца, Исраилан халкъан
Веза Дела, кхочушдехьа Хьайн лай волчу Дауде,
сан дега, Айхьа аьлларг: „Нагахь хьан тIаьхьенах
болчара, хьо Суна хьалха ма-леллара, товрат-
хьехамца а лелаш, шайн некъаш тешаме хиларца
лардахь, даим а хьан тIаьхьенах хир волчу
цхьаццаммо паччахьалла дийр ду Исраилан
халкъана тIехь“. 17 Ткъа хIинца, Исраилан халкъан
Веза Дела, бакъ хуьлийла Ахьа сан дена делла долу
Хьан дош.
18 ††Амма бакъдерг аьлча, Делан Iойла а дуй ткъа
адамашца кху лаьттахь? Стигала а, я стигалан
лакхенашка а ца тарлуш волу Хьо, хIокху ас
дIахIоттийначу Хьан цIа чу-м тарлойла а дац.
19 Делахь а, дIахозийла Хьуна сан доIа а, Хьан лай
волчу сан дехар а, ва сан Веза Дела! Тергам бойла
Ахьа, Хьайга дехарш деш кхойкхуш волчу Хьайн
лен кхайкхаман а, доIанан а. 20 ‡Ахьа Хьайн цIе кху
чохь хир ю аьллачу хIокху цIенна тIе боьгIна
хуьлийла Хьан бIаьргаш дийнахь а, буса а!
ЛадугIийла Ахьа Хьан лай волчун доIане, иза,
хIокху меттехьа а вирзина, Хьоьга кхойкхучу
хенахь. 21 ДIахозийла Хьуна Хьайн лай волчун
доIанаш а, Хьайн Исраилан халкъан доIанаш а,
цара, хIокху меттехьа а бирзина, Хьайга доIа дечу
хенахь. Хьо стигалшкахь Iаш ву, ткъа оха доьху
Хьоьга, цигахь тхан доIа дIа а хазий, гечдехьа
тхуна.
22 Масала, нагахь цхьа стаг вукхунна хьалха бехке
а хилла, иза Хьан сагIа доккхучу кхерчана хьалха
дIахIоттавахь, хIокху Хьан цIа чохь, ша бехке вац
аьлла, цуьнга дуй баийта тарло. 23 ТIаккха
стигалахь волчу Ахьа, дIахазий, кхел ехьа Хьайн
лешна тIехь, бехке верг жоьпе а озош, цаьргара
даьлларг церан шайн кортошна тIе а дожош. Ткъа
бехке воцург бехказаваккхахьа, цуьнан бакъ
хиларе терра цунна доггIург а деш.
24 Масала, Хьан Исраилан халкъ Хьуна хьалха
къилахь хиларна, мостагIчо иза эшор ду. Нагахь и
халкъ, Хьоьга кхайкхамаш а беш, кху цIа чохь
волчу Хьоьга доIанаш а, дехарш а деш, Хьоьгахьа
дерзахь, 25 стигалшкахь церан доIа дIа а хазий,
гечдехьа хIокху Хьайн Исраилан халкъан
къиношна. Айхьа хьалха царна а, церан дайшна а
делла долчу лаьтта тIе уьш юхаберзабехьа.
26 Ткъа, масала, цара Хьуна хьалха къинош
летадарна, Ахьа, стигалш дIа а къевлина, догIа
доуьйтур дац. Амма, масала, цара, кху меттехьа а
бирзина, доIанаш а деш, Хьоьга кхайкхамаш а беш,
Ахь шаьш охьатаIийна дела, шаьш летийначу
къиношна дохко а бевлла, уьш юха а Хьуна
тIеберза тарло. 27 ТIаккха, доьху Хьоьга,
стигалшкахь церан доIанаш дIа а хазий, гечдехьа
Хьайн лай долчу Исраилан халкъан къиношна.
Гайтахьа царна нийса некъ, Ахьа Хьайн халкъана
тIаьхьалонна деллачу хIокху Хьайн лаьтта тIе догIа
дайитахьа.
28 Нагахь хIокху лаьтта тIе адамашна я мацалла
тIеягIахь, я адамаш хIаллакдеш цамгарш кхетахь,
я, мел долу хIума дагош, бовха мох балахь, я
адамаша дийна долу дерриге ялта а мекхано диъна
дIадаккхахь, я цIоз, я нIаьна тIелатахь, я шайн
лаьтта тIехь адамаш Iен ца дуьтуш, мостагIий
тIегIортахь, я муьлхха а бохам хилахь, я ун кхетахь,
29 тIаккха, нагахь дерриг а Хьан Исраилан халкъана
юкъара муьлххачу а адамо, шен лазарш а гина,
шех даьллачу къиношна дохко а даьлла, кху Хьан
цIенна тIе куьйгаш хьала а айина, Хьоьга доIанаш
а, дехарш а дахь, 30 доьху Хьоьга, Хьо Iаш волчу
стигалахь, церан доIа дIа а хазий, царна геч а
дехьа, гIо а дехьа. ХIора стагана а, цуьнан
гIуллакхашка хьаьжжина, цунна доггIург дIалохьа,
хIунда аьлча Хьуна цхьанна девза адамийн
дегнаш. 31 Дехьа иза массо а адам Хьох
кхерийтархьама а, Хьан некъашкахула
лелийтархьама а, Ахьа тхан дайшна деллачу кху
лаьттахь тхо мел деха.
32 Исраилхой а боцуш, кхин къомах долу адамаш
а догIур ду Хьан цIеран дуьхьа. ХIунда аьлча царна
а хезар ду Хьан сийлаллин-езачу цIарах лаьцна а,
Хьан нуьцкъалаллех лаьцна а, Хьан
схьакховдийначу куьйгах лаьцна а. Уьш а богIур
бу, кху Хьан цIенна тIе а бирзина, доIанаш дан.
33 ТIаккха, доьху Хьоьга, Хьо Iаш волчу стигалшкахь
церан доIанаш дIа а хазий, дехьа цара а Хьайга
мел дехнарг, лаьттахь мел долчу къаьмнашна а
Хьайн цIе йовзийтархьама а, уьш Хьайх
кхерийтархьама а, Хьан Исраилан халкъ санна.
ТIаккха массо а меттигашкара дерриг а халкъашна
а хуур ду, ас дIахIоттийна хIара цIа Ахь-Айхьа
даздина хилар.

† *6:16 Сулим 2:4.* †† *6:18 2 Шерашкахь 2:6.* ‡ *6:20 Карлабаьккхинарг 12:11.*

[34] Наггахь Ахьа Хьайн халкъе омра дийр ду, даха а гІой, шайн мостагІех лата аьлла. Масала, хІокху Ахьа хаьржинчу гІаланехьа а, Хьан цІе язъян лерина дІахІоттийначу цІенна тІе а бирзина, цара Хьоьга доІанаш дахь, [35] доьху Хьоьга, дІахазахьа стигалшкахь церан доІанаш а, церан дехарш а, бакъ а бехьа уьш.

[36] Нагахь Хьан халкъо Хьуна хьалха къинош летадахь (ткъа къа ца латош адам дан а дац), тІаккха Ахьа, масала, царна оьгІаз а вахана, уьш мостагІашка эшабойтур бу. Ткъа мостагІаша, царна йийсар а дина, генарчу я юххерчу хийрачу махка дІабига мега уьш. [37] Масала, оцу шаьш йийсаре бигначу мехкашкахь Хьан халкъо, ша летийначу къиношна дохко а даьлла, Хьоьга доІанаш дийр ду. Цу халкъо ала тарло: „Оха къа латийна, тхо нийса дацара, тхо бехке ду“. [38] Ткъа нагахь шаьш йийсаре дигначу оцу мостагІийн махкахь, уьш шайн цІеначу даггара Хьуна тІе а бирзина, Ахьа шайн дайшна деллачу лаьттехьа а, Айхьа хаьржинчу гІалехьа а, Хьан цІе язъян ас дІахІотийначу Хьан цІенна а тІе а бирзина, цара доІанаш дахь, [39] ас доьху Хьоьга, Хьо Іаш волчу стигалшкахь, церан доІанаш дІа а хазий, бакъбехьа уьш. Хьан халкъо Хьуна хьалха летийначу къиношна гечдехьа.

[40] Сан Дела! Хьан бІаьргаш а хуьлийла дІабиллина, Хьан лергаш а хуьлийла сема кху меттехь дечу доІанашна. [41] [†]Ткъа хІинца, Веза Дела, Хьо Іийр волчу метте дІахІоттахьа – Хьо а, Хьан нуьцкъалаллин тІорказ а. Хьан динан дай кІелхьарбахар, духар санна, тІедуьйхина хуьлийла. Хьан долахь берш Хьан диканах баккхийбеш хуьлийла. [42] Веза Дела! Хьайн юьхь Айхьа къобалвинчунна тІера дІа ма ерзаехьа. Дагадаийтахьа Хьайн лай волчу Даудана Ахьа Хьайн безам кховдийна хилар».

## Везачу Элана лерина дина ЦІа

7 [††]Сулим-паччахь доІа дина ваьлча, стигалара цІе йоьссира, сагІин кхерча тІера дагош долу сагІанаш а, кхидолу сагІанаш а Дала тІеийцира. Ткъа Везачу Элан ЦІа Цуьнан сийлаллин нуьро дуьзира. [2] Везачу Элан ЦІа Цуьнан сийлаллин нуьро дузарна, динан дай Везачу Элан ЦІа чу ца бахалора. [3] [‡]И охьайоьссина цІе а, цу Везачу Элан ЦІенна тІе доьссина долу Цуьнан сийлаллин нур а шайна гича, майданахь болу берриг а исраилхой бертал ийгира. Везачу Элана хастамаш бира цара, Иза дика волу дела а, Цуьнан безам цкъа а хедар боцу дела а. [4] Ткъа паччахьо а, дерриге халкъо а Везачу Элана сагІа даьккхира. [5] Сулим-паччахьо ткъе ши эзар сту а, бІе ткъа эзар уьстагІ а беара сагІина. Иштта Сулим-паччахьо а, дерриге халкъо а *Делан цІа* даздира. [6] Динан дай бара шайн декхарш кхочушдеш лаьтташ. Дауд-паччахьо кечбайтинчу зурманийн гІирсашца лаьтташ бара левихой. «Везачу Элан безам цкъа а хедар бац» а бохуш, Везачу Элана хастамаш мосазза бо, Дауд-паччахьо и зурманийн гІирсаш лелабойтура. Левихошна дуьхьал а лаьтташ, динан дайша коьман маІаш лоькхура. Исраил-мехкан дерриге а халкъ лаьтташ дара цигахь. [7] Везачу Элан цІийнан кертара юккъехь йолу меттиг Далла хьалха сийлаллица язйира Сулим-паччахьо, цигахь дийнаташ дагоран а, кІен а сагІанаш дохура, бертан сагІанийн дийнатийн мохь а ягайора. ХІунда аьлча Везачу Элан цІенна хьалхахь лаьтташ болчу сагІа доккхучу йоьзачу кхерчана тІе дерриг а и сагІанаш ца тарлора.

[8] Цу хенахь ворхІ дийнахь Сулим-паччахьо а, дерриг а Исраилан халкъо а даздира и деза де. Берриг а исраилхой гулбеллера цигахь, Хьамат-Іинера дуьйна Мисар-мехкан дозанехь долу хина тІекхаччалц. [9] ВорхІ дийнахь Везачу Элана *сагІа доккху кхерч* а базбира, кхин а ворхІ дийнахь четаршна чохь Іаш долу денош а даздира, ткъа цул тІаьхьа тІедеанчу дийнахь цу денойн даздаран тІаьхье йира. [10] ТІаккха ворхІалгІачу беттан ткъе кхоалгІачу дийнахь паччахьо халкъ шайн цІа дІадахийтира. Халкъан дегнаш хазахетта а, самукъадаьлла а дара, Даудана а, Сулимна а, Шен Исраил-мехкан халкъана а Везачу Эло динчу диканна.

## Веза Эла Сулим-паччахьна кхин цкъа а дуьхьалхІоттар

(Сулим 9:1-9)

[11] Иштта дина чекхдаьккхира Сулим-паччахьо Везачу Элан ЦІа а, паччахьан цІа а. Везачу Элан ЦІенна тІехь а, шен цІенна тІехь а ша дан дагалаьцнарг дерриге а хила ма-дезза кхочушдира Сулим-паччахьо. [12] ТІаккха буса Сулим-паччахьна дуьхьал хІоьттира Веза Эла. Цо элира: «Суна хьан доІа хезира. ХІинца Аса Сайна къастайо хІара меттиг, хІокхунах сагІа доккху цІа хилийтархьама. [13] Нагахь Аса, стигал дІа а къевлина, догІа ца даийтича а, я цІоз тІе а хецна, цуьнга латта даийтича а, я адам хІаллак а деш, цамгар яржийча а, [14] Сан долахь долу халкъ Суна муьтІахь хилла, доІанаш деш, Соьгахьа дерзахь, шайн харц некъаш тІера дІа а далахь, тІаккха стигалахь хезар ду Суна Сайн халкъан аз, цуьнан къиношна геч а дийр ду Ас, цуьнан латта а тодийр ду Ас. [15] ХІинца дуьйна Сан бІаьргаш а дІадиллина хир ду, Сан лергаш а сема хир ду кху меттехь дечу доІанашна. [16] ХІинца дуьйна Ас даздина хІара ЦІа, Сайн цІе цу чохь абаденна язъяйта лаьа Суна. Сан бІаьргаш а, Сан дог а цу чохь хир ду массо а заманахь. [17] Нагахь хьо, хьайн да Дауд-паччахь ма-леллара, Суна хьалха лелахь, Аса хьайна тІедиллинарг ахь кхочушдахь, Сан хьехамаш а, бакъонаш а ларъеш хьо лелахь, [18] [‡‡]Ас чІагІдийр ду хьан паччахьалла,

† *6:41, 42 Забур 131:8-10.* †† *7:1 Іамалъяр 9:23, 24.* ‡ *7:3 Арадаккхар 16:34; 2 Шерашкахь 5:13; Іезар 3:11; Забур 100:5; 106:1; 107:1; 118:1; 136:1; Ярми-ЯхІу 33:11; 1 Шерашкахь 16:34; Забур 99:5; 105:1; 106:1; 117:1; 135:1.*

Айса хьан дега, Дауд-паччахье, чӀагӀо еш ма-
аллара: „Хьан тӀаьхьенах хир волчу цхьаццаммо
даим паччахьалла дийр ду Исраилан халкъана
тӀехь“. 19 Нагахь Аса шайна делла долу Сан
весеташна а, Сан хьехамашна а тӀера дӀа а девлла,
уьш дитина, аша кхечу деланашна гӀуллакх деш,
царна корта беттахь, 20 тӀаккха Айса деллачу Сайн
лаьтта тӀера Исраилан халкъ орамашца дӀадоккхур
ду Ас. Ткъа хӀара Сайн цӀе язъян Айса къобалдина
ЦӀа Сайна дуьхьалара дӀадоккхур ду. ТӀаккха
дерриге а халкъашна хьалхахь кицанаш а далош,
беламаш а беш, цӀе йохуьйтур ю Ас хӀокху Сайн
цӀийнан.
21 Ткъа оцу дезачу цӀийнах лаьцна, иза сийлахь
делахь а, чекх мел волучо инзарваларца хаттар
дийр ду: „И хӀунда дина те Везачу Эло оцу махкана
а, оцу Шен цӀенна а?“
22 Юха, царна жоп луш, наха эр ду: „Мисар-
махкара шаьш арабаьхна волу Веза Эла, шайн
дайн Дела, дӀа а тесна, уьш кхечу деланашна
тӀаьхьа а бевлла, царна Ӏамал а еш, *Ӏибадат дан*
буьйлабаларна дина царна иза. Цундела Везачу
Эло баийтина царна тӀе и берриг бохам“».

### Сулиман сийлахь гӀуллакхаш
(Сулим 9:10-28)

8 Сулим-паччахьо Везачу Элан цӀа а, шен
паччахьан цӀа а дечу юкъана ткъа шо
дӀаделира. 2 Цул тӀаьхьа шена Хьирама елла
гӀаланаш а юхаметтахӀиттийра цо. Царна чохь
исраилхой баха охьаховшийра Сулима. 3 ТӀаккха,
Хьамат-Цоба а вахана, иза дӀалецира цо. 4 Иштта
яьссачу аренгахь йолу Тадмар-гӀала а,
тӀаьхьалонна кечдина сурсаташ чохь латто
гӀаланаш а дӀахӀиттийра Сулима Хьамат-махкахь.
5 Лакхара Байт-Хьорон, Лахара Байт-Хьорон цӀе
йолу чӀагӀйина гӀаланаш дӀахӀиттийра Сулима,
гонах пенаш а, дӀакъовлуш долу кевнаш а деш.
6 Иштта, юхаметтахӀоттийра цо БаӀалт-гӀала а, шен
долахь йолу тӀаьхьалонна кечдина сурсаташ чохь
латтош йолу ерриг гӀаланаш а, говраш южу
гӀудалкхаш латтош йолу гӀаланаш а, дошлойн
говраш чохь латтош йолу гӀаланаш а. Ерриг
Ярушалайм-гӀалахь а, Ливанун-махкахь а, шен
долахь мел долчу лаьтта тӀехь шена ян лиъна йолу
массо а хӀума йина дӀахӀоттийра Сулим-паччахьо.
7 Исраилан халкъ доцург, кхин адамаш а дара
цигахь. Уьш дара хьетахойн а, эмархойн а,
перезахойн а, хьаьвихойн а, явсайхойн а,
8 тӀаьхьенех дисина адамаш, исраилхоша хӀаллак
ца деш дитина долу. Царах Сулим-паччахьо белхаш
беш болу леш бинера. Уьш тахханалц леш бу.
9 Ткъа исраилхойх Сулим-паччахьо леш ца бора,
цаьрга шен белхаш байтархьама. Уьш я паччахьан
тӀемалой, я тӀеман хьаькамаш, я тӀеман коьрта
хьаькамаш, я гӀудалкхийн а, дошлойн а эскарш
карахь долуш болу баьччанаш бара. 10 Сулим-
паччахьна белхаш беш болчарна тӀехь урхалла дан
дӀахӀоттийна ши бӀе шовзткъе итт стаг хилла.
11 Ткъа пирӀунан йоӀ, Даудан гӀалара дӀа а
яьккхина, цунна ша динчу цӀа чу яьккхира Сулима.
ХӀунда аьлча Сулима бохура: «Исраилхойн
паччахьан Даудан цӀа чохь сан зудчун соьца Ӏан
йиш яц, Везачу Элан тӀорказ чу диллина мел хилла
йолу меттиг язйина йолу дела».
12 Везачу Элан цӀенна хьалха сагӀа даккха ша
дӀахӀоттийначу кхерчана тӀехь дийнаташ дагоран
сагӀанаш дохура Сулима. 13 †Сулима дийнаташ
дагоран сагӀанаш дохура, Муса-пайхамаран
хьехамаша ма-бохху, шоьтан деношна а, бутт
болалуш долчу деношна а, шеран кхаа дезачу
денна а: совсазчу баьпкан дезачу денна а, *ШавуӀот*
цӀе йолчу ялта чудерзоран дезачу денна а,
кхалорийн дезачу денна а. 14 Шен дас Дауда тӀе-ма-
диллара, Сулим-паччахьо динан дай
дӀахӀиттийнера шен-шен рогӀехь гӀуллакх дан.
Иштта левихой а дӀахӀиттийнера цо, хастамаш
барна тӀехь куьйгалла дан а, хӀора дийнан хьаште
хьаьжжина, динан дайшна гӀо дан а. ХӀора кевнехь
дӀахӀиттийна гӀаролхой хилла, шен-шен рожехь
гӀарол деш. И весет динера Делан стаг волчу Дауда.
15 Динан дайх а, левихойх а лаьцна паччахьо
тӀедиллинчу цхьанна а хӀуманна тӀехь а, хазнашна
дола дарна тӀехь а дерриг а, ма-бохху, кхочушдора
цара.
16 Сулим-паччахьан берриге а белхаш – Везачу
Элан цӀийнан бух боьттичхьана дуьйна иза дина
чекхдаллалц – кхочушхилира. Иштта дина
чекхдаьккхира Везачу Элан цӀа.
17 ТӀаккха Ӏецйон-ГӀебаррий, Элаттий гӀаланашка
вахара Сулим. И гӀаланаш хӀордан йистерачу
эдомхойн махкахь яра. 18 Шен ялхошкахула
хӀордкеманаш а, хӀордах лаьцна дерг дика хууш
болу кемалелорхой а хьажийра Хьирама цига.
Цара, Сулиман ялхошца цхьаьна Апар-махка а
бахана, исс бӀе пунт деши а даьккхина, иза Сулим-
паччахь волчу схьадеара.

### Шеба-махкара зуда-паччахь
(Сулим 10:1-13)

9 ††Шеба-махкарчу зуда-паччахьна а хезира
Сулим-паччахьан цӀе яхар. Иза Сулим волчу
Ярушалайме еара, халчу хаттаршца и зерхьама. И
зуда-паччахь еара, шеца йоккха эмкалийн ковра а
ялош. Цу эмкалшна тӀехь доьттина деана хаза
хьожа йогӀучу бецех даьккхина хьакхарш а, дукха
деши а, деза тӀулгаш а дара. Сулим-паччахь волчу а
еана, шен дагахь мел долчух лаьцна къамел дира
Шеба-махкара еанчу паччахьо. 2 Ткъа Сулим-
паччахьо цо деллачу массо а хаттаршна жоп
делира, цхьа а хаттар ца дисира, цуьнга жоп ца
дала луш. 3 Шеба-махкара еанчу паччахьна гира

‡† *7:18 Шамъал 2:4; Сулим 2:4.*

† *8:13 а: Лелар 28:9, 10; б: Лелар 28:11-15; в: Арадаккхар 23:14-17; 34:22, 23; Лелар 28:16–29:39; Карлабаьккхинарг 16:16.*
†† *9:1-9 Маттай 12:42; Лака 11:31.*

Сулиман хьекъалалла а, цо дина паччахьан цIа а.
4 Иштта цунна гира ккузахь боу ккача а, паччахьан
уллоранаш Iаш йолу хIусамаш а, ялхой оьзда хилар
а, церан духар а, чагIардуттургаш а, церан духар а,
Везачу Элан цIийнан кертахь Сулим-паччахьо
дохуш долу дийнаташ дагоран сагIанаш а. И
дерриг а шена гича, иза чIогIа инзаръяьллера.
5 Цо элира Сулим-паччахье: «Сайн махкахь суна
хезнера хьан гIуллакхех лаьцна а, хьан
хьекъалаллех лаьцна а. Иза бакъ хилла. 6 Амма
цара дийцинчух со тешар яцара, со ян а еана, сайн
бIаьргашна иза галлалц. ХIаъ, хьан хьекъалаллин
ах дакъа а соьга дийцина ца хилла. Хьан
хьекъалалла суна хезначул дуккха а сов ду. 7 Мел
ирс долуш хила деза хьан адамаш! Ма ирс долуш
хила беза хьан ялхой, хIора денна хьуна гIуллакх
деш, хьан хьекъале къамел хезаш болу! 8 Декъала
хуьлда хьан Веза Дела, хьуна реза а хилла, хьо Шен
паччахьан гIанта тIе, Шен цIарах паччахьалла
дайтархьама, охьахаийна волу! Исраилан халкъе
Шен болчу безамна а, и халкъ гуттаренна а
чIагIдархьама а, Везачу Эло хьо паччахь хIоттийна,
цу халкъана тIехь хьоьга кхел яйтархьама а, нийсо
лелаяйтархьама а».
9 Сулим-паччахьна ши бIе шовзткъа пунт деши а,
хаза хьожа йогIучу бецийн дуккха а хьакхарш а,
деза тIулгаш а делира цо. Шеба-мехкан паччахьо
Сулим-паччахьна елла йолу хаза хьожа йогIу
хIуманаш саннарш цул хьалха цкъа а ца хиллера.
10 Апар-махкара деши деанчу Хьираман а,
Сулиман а ялхоша цIен дечиг а, деза тIулгаш а
деанера. 11 Оцу цIечу дечигах Везачу Элан цIенна а,
паччахьан цIенна а тIейоьду тIегIанаш йира.
Иштта зурманчашна оьшу мерз-пондарш а, дечиг-
пондарш а дайтира паччахьо оцу дечигах. ЯхIуд-
махкахь хIетталц цкъа а деана а, я гина дацара и
санна долу дечиг.
12 Сулим-паччахьо а елира Шеба-махкарчу зуда-
паччахьна цунна еззнарг а, цо еххнарг а. Цо
еанчул дуккха а сов елира цунна Сулим-паччахьо.
Цул тIаьхьа зуда-паччахь ялхошца шен махка
юхайирзира.

### Сулим-паччахьан хьал
(Сулим 10:14-25)

13 Сулим-паччахьна хIора шарахь цхьа эзар кхо
бIе ткъе шийтта пунт деши дахьара. 14 Цул сов
йохкаэцар лелош болчара а, совдегарша а цунна
деши дала дезара. Иштта берриг а Iаьрби-
махкарчу паччахьаша а, цуьнан шен мехкадайша а
деши а, дети а дахьара Сулим-паччахьна. 15 ТIаккха
туьйсинчу деших дина ши бIе доккха *турс* а
дайтира Сулим-паччахьо. ХIора турсана ялх бIе
шекхал † туьйсина деши дахнера. 16 Иштта кхин а
кхо бIе кегий турсаш дайтира цо, хIора турсана кхо
бIе шекхал туьйсина деши а дуьллуш. Туьйсина
деших дина и турсаш «Ливанун-мехкан хьун» олучу
цIенош чу дIахIоттийра Сулим-паччахьо.
17 Пийлан кIомсарех доккха паччахьан гIант
дайтира паччахьо, цунна тIе а цIена деши диллира.
18 Оцу гIантана тIеваха йиллина ялх тIегIа яра.
ГIантаца хоьттина йина дашо когийн кIело яра.
ГIантан шина а агIор куьйган голахIотторгаш яра,
царна хIоранна а уллохь дина лоьман суьрташ
дара. 19 Кхин а шийтта лоьман сурт дара, оцу ялх
тIегIанна шинна а агIор цхьацца лаьтташ. Оцу
тайпана долу паччахьан гIант хIетталц цхьанна а
пачхьалкхехь дина дацара.
20 Сулим-паччахьан хьеший тIеоьцуш лелош йолу
пхьегIаш дашо яра. «Ливанун-мехкан хьун» цIе
йолчу цIенош чохь лаьтташ йолу кхийолу
хIуманаш а ерриг а цIеначу деших йина яра. Детих
йина хIумма а яцара, хIунда аьлча Сулим-паччахь
волчу заманахь детин мах чIогIа лахара бара.
21 Кхечу мехкашца йохкаэцаран гIуллакхна
вовшахтоьхна хIордана тIехула лелаш хинкеманаш
дара Сулим-паччахьан. Хьирам-паччахьан
хIордахоша леладора и кеманаш. ХIора кхаа
шарахь цкъа хIордкеманаш, деши, дети, пийлан
кIомсарш, маймалш, тIаус-олхазарш а дахьаш,
юхадоьрзура.
22 Дуьненна чуьра массо а паччахьийн чул а
инзаре дукха хьал а, хьекъалалла а долуш вара
Сулим-паччахь. 23 Дуьненна чуьра массо а
паччахьашна лаьара Сулим-паччахь ган, Дала
цунна делла долу инзаре хьекъалалла шайна
хазийтархьама. 24 ХIора шарахь дукха адам догIура,
Сулим гархьама. Шаьш догIуш царах хIораммо а
совгIаташ дахьара: детих, деших йина хIуманаш,
тIеюху бедарш, герз, хаза хьожа йогIу хIуманаш,
говраш, бIарзанаш.
25 ††Йиъ эзар ‡ гIудалкх южу дойн керт а, шийтта
эзар дин ‡† а бара Сулим-паччахьан. Паччахь Iаш
волчу Ярушалаймехь а, гIудалкхаш дIахIитточу
гIаланашкахь а дIатарйинера уьш. 26 ‡‡Эпрат-хин
тIера дIадоладелла пIелаштамхойн махкана
тIекхаччалц а, Мисар-мехкан дозане кхаччалц а
йолчу меттигашкарчу массо а паччахьна тIехь
олалла дора Сулим-паччахьо. 27 Детин барам
тIулгаш долччул дукха хилла дIахIоттийра цо
Ярушалайм-гIалахь. Лаьмнийн кIажашкахь долчу
диттийн барам а дезачу баганан диттийн бараме
нисдина дIахIоттийра Сулим-паччахьо. 28 ‡‡†Мисар-
махкара а, кхечу массо а мехкашкара а дой
даладора Сулимана.

### Сулим-паччахьан дIакхалхар
(Сулим 11:41-43)

29 Сулим-паччахьо динчу хIуманех лаьцна –
дуьххьарлерачунна тIера тIаьххьарлерачунна

† *Шекхал *– цхьа шекхал итт грамм барамехь ду.**

†† *9:25 Сулим 4:26.* ‡ *Грекийн гочдар тIехь: *Йиъ эзар. *Iебархойн тептар тIехь: *шовзткъа эзар.** ‡† *Шийтта эзар дин *– я иштта: *шийтта эзар дошло.** ‡‡ *9:26 Доладалар 15:18; Сулим 4:21.* ‡‡† *9:28 Карлабаькkхинарг 17:16.*

тIекхаччалц – яздина Ната-пайхамаран тептарш
тIехь а, шилунхо волчу АхьъяхIуга Делера болчу
хаамашкахь а, НабатIан кIантах ЯрбаIамах лаьцна
Делера дерг гуш волчу ЯIду-пайхамарна дуьхьал
хIуьттучу суьрташкахь а. 30 Сулим-паччахьо
Ярушалайммехь берриг а Исраил-махкана тIехь
шовзткъа шарахь паччахьалла дира. 31 ТIаккха
Сулим-паччахь, дIа а кхелхина, шен дайх
дIакхийтира. Иза шен ден Даудан гIалахь
дIавоьллира. Сулиман метта паччахь хилира
цуьнан кIант РахьбуIам.

### Къилбаседера тайпанаш карзахдахар

(Сулим 12:1-20)

10 РахьбуIам Шехем-гIала дIавахара, хIунда
аьлча берриге а исраилхой цига дIабаханера,
иза паччахь дIахIотторхьама. 2 Сулим-паччахьах
ведда ваххарх Мисар-махкахь Iаш волу НабатIан
кIант ЯрбаIам, иза дIахезча, цигара цIа вирзира.
3 Цара, ЯрбаIамна тIе нах а бахийтина, цуьнга шен
махка юхаверзар дийхира. ТIаккха ЯрбаIам а,
дерриге а Исраилан халкъ а РахьбуIам волчу
дIадахча, халкъо цуьнга элира: 4 «Хьан дас тхан
коча деза дукъ диллира. Цо тхоьга дайтина къиза
гIуллакхаш а, тхан коча диллина деза дукъ а ахь
хIинца дайдехьа. ТIаккха оха хьуна хьалхара
гIуллакх дийр дара».
5 РахьбуIама цаьрга элира: «Кхо де дIадаьлча,
юхадуьйла суна тIе». Халкъ дIадахара.
6 РахьбуIам-паччахь къанойх дагавелира. Оцу
къаноша цуьнан дена Сулимана хьехамчаша санна
гIуллакх дора иза дийна волчу хенахь. РахьбуIама
хаьттира цаьрга: «Аса оцу халкъе хIун аьлча
бакъахь хета шуна?» – аьлла.
7 Къаноша цуьнга жоп делира: «Нагахь санна хьо
кху халкъаца дика а хилла, ахь царна там бахь, цу
халкъаца ахьа эсала къамел а дахь, уьш массо а
хенахь хьуна ялхой хилла лелар бу».
8 Амма шега къаноша бина хьехам РахьбуIама
дIатеттира. Шеца кхиъна болчу а, шена гIуллакх
деш болчу а кегийрхойх дагавелира иза. 9 Цо
кегийрхошка хаьттира: «Аса хIун жоп дала деза
аьлла хета шуна оцу нахе? Цара соьга боху: „Хьан
дас тхан коча диллина деза дукъ дайдехьа“»
10 РахьбуIамца цхьаьна кхиъначу кегийрхоша
элира: «Хьан дас шайн коча тIедиллина деза дукъ
дайдар доьхучу оцу халкъе ахьа иштта ала: „Сан
цIазапIелг сан ден гIодаюкъал а стомма бу. 11 Сан
дас шун коча деза дукъ диллинера, ткъа аса и дукъ
кхин а даздийр ду. Сан дас шед еттарца таIзар дора
шуна, ткъа аса, сту лоцучу гезго къовзош санна
хетадолуьйтуш, таIзар дийр ду шуна“».
12 Паччахьо шайга аьлла ма-хиллара, ЯрбаIам а,
дерриг халкъ а кхозлагIчу дийнахь РахьбуIамна
тIедеара. 13 Паччахьо халкъе дера жоп делира.
Къаноша шена дина хьехар дIа а теттина,
14 кегийрхоша шена динчу хьехаре хьаьжжина,
РахьбуIама халкъе элира: «Сан дас шун коча деза
дукъ диллинера, ткъа аса и дукъ кхин а даздийр ду.
Сан дас шед еттарца таIзар дора шуна, ткъа аса, сту
лоцучу гезго къовзош санна хетадолуьйтуш, таIзар
дийр ду шуна». 15 Иштта паччахьо ла ца дуьйгIира
халкъо шега бохучуьнга, хIунда аьлча иза Дала
нисдинера, Ша НабатIан кIанте ЯрбаIаме шилунхо
волчу АхьъяхIугахула аьлларг
кхочушхилийтархьама.
16 †Массо а исраилхоша, паччахьо шайга ла ца
догIар шайна гича, паччахье элира:
«Вай Даудан цIийнах схьадевлла ма дац!
Юшайн кIентан цIийнаца доьзна ма дац вай!
Цундела шайн-шайн цIа дерза шу, исраилхой.
Даудан кIанта ша дойла шен цIентIехь олалла!»
Иштта исраилхой шайн-шайн цIа дIасабахара.
17 Ткъа РахьбуIама ЯхIуд-мехкан гIаланашкахь Iаш
болчу исраилхошна тIехь паччахьалла дира.
18 Цо белхалошна тIехь хьаькам волу Адунурам
вахийтира халкъана тIе, амма исраилхоша иза, тIе
тIулгаш а кхиссина, вийра. Ткъа паччахь волу
РахьбуIам сихха гIудалкха чу хиира, Ярушалайме
дIавадархьама. 19 Иштта тахханалц а Даудан цIенна
дуьхьалбевлла Iаш бу исраилхой.

### ШамIа-ЯхIу-пайхамаро бина хаам

(Сулим 12:21-24)

11 РахьбуIама, Ярушалайме схьа а веана,
ЯхIудан а, Бен-Яманан а цIийнах волу цхьа
бIе везткъа эзар тоьлла тIемало схьагулвира.
Исраилан цIийнах болчаьрца тIом а бина,
РахьбуIаме паччахьалла юхадерзорхьама дира цо
иза. 2 ШамIа-ЯхIу цIе йолчу Делан стаге Везачу Эло
элира: 3 «Сулиман кIант волчу яхIудхойн паччахье
а, ЯхIуд-махкахь а, Бен-Яман-махкахь а Iаш болчу
массо исраилхошка а дIаала: 4 „Иштта боху Везачу
Эло: ‘Шайн вежарий болчу исраилхошца тIом бан
ма гIолаш. ХIорра а шен-шен цIа юхаверза, хIунда
аьлча и хилларг дерриг а Соьгара дара’“» Везачу
Эло бохучуьнга ла а доьгIна, ЯрбаIамца тIом бан
баханчуьра уьш юхабирзира.

### РахьбуIама шен гIаланаш чIагIйо

5 РахьбуIам Ярушалайммехь вехаш вара. ЯхIуд-
махкарчу гIаланашна чIагIонаш яйтира цо. 6 Иштта
Байтлахам а, IайтIам а, ТакхоI а, 7 Байт-Цур а, Соха
а, Iадулам а, 8 Гати а, Мареша а, Зип а, 9 Адорайм а,
Лахиш а, Iазекхи а, 10 ЦорIа а, Айлон а, Хьеврон а
гIаланаш чIагIйира РахьбуIама. ЯхIуд-махкахь а,
Бен-Яман-махкахь а уьш чIагIйина гIаланаш яра.
11 Церан лардаран таронаш чIагI а йина, царна
тIехь хьаькамаш а хIиттийна, кхача, даьтта, чагIар
чохь латто гIишлош нисйира РахьбуIама. 12 ХIора
гIалина турсаш а, гоьмукъаш а делла, кхачам
боллуш чIагIйира цо и гIаланаш. РахьбуIаман
карахь дара ЯхIудан а, Бен-Яманан а тайпанаш.

---

† *10:16 Дауд 20:1.*

### Динан дай а, левихой а Исраил-махкара ЯхIуд-махка дIабахар

13 Исраил-махкахь массо а маьIIехь мел волу
*динан да* а, левихо а РахьбуIам волчу
схьагулвелира. 14 Шайн дежийлаш а, долахь мел
дерг а дитина, ЯхIуд-махка а, Ярушалайме а
схьабаьхкира уьш, хIунда аьлча ЯрбаIама а,
цуьнан кIенташа а Везачу Элана гIуллакх деш
болчуьра дIабаьхнера уьш. 15 †СагIа доккхучу гунаш
тIехь гIуллакх дан а, гезарийн а, эсийн а куьцехь
ша байтинчу цIушна Iамал ян а шен динан дай
къобалбинера ЯрбаIама. 16 Левихой баьхкинчул
тIаьхьа, Исраилан халкъан Веза Дела лаха шайн
дегнаш тIедерзийна болу Исраилан хIора тайпанах
болу нах Ярушалайме богIура, шайн дайн Дела
волчу Везачу Элана сагIа даккхархьама. 17 ЯхIудан
пачхьалкх чIагI а еш, Сулиман кIант волчу
ЯрбаIамехьа а болуш, Iийра уьш кхаа шарахь.
ХIунда аьлча оцу кхаа шарахь Даудан а, Сулиман а
некъахула лелаш бара уьш.

### РахьбуIаман доьзал

18 Шен да *Даудан кIант* Еримати волу а, нана
Юшайн кIентан Элиабан йоI Абу-ХIаил йолу а
Махьалат шена ялийра РахьбуIам-паччахьо.
19 Махьалата РахьбуIамна кIентий бира: ЕIуш,
Шамар-ЯхIу, ЗахIим. 20 Махьалатал тIаьхьа
Абушаламан йоI МаIха ялийра шена РахьбуIама.
Аби-ЯхIу, Атай, Зиза, Шалумати цIераш йолу
кIентий бира МаIхас РахьбуIамна. 21 МаIха шен
массо а зудчул а, *гIарбаш-зударел* а дукхаезара
РахьбуIамна. Цуьнан берхIитта зуда а, кхузткъа
гIарбаш-зуда а яра. Оцу зударша ткъе бархI кIант а,
кхузткъа йоI а йинера цунна. 22 Вежаршна юкъахь
коьрта эла вина, дIахIоттийнера РахьбуIама
МаIхин кIант Аби-ЯхIу, хIунда аьлча иза шел
тIаьхьа паччахь хIотто дагахь вара РахьбуIам.
23 Хьекъале а лелаш, берриге а ЯхIудан а, Бен-
Яманан а мехкашкахула ша чIагIйинчу
гIаланашкахула дIасахьажийра цо шен кIентех
цхьаберш. Царна, дукхха а хьал делла, алссам
зударий балийра цо.

### Мисархой ЯхIуд-махка чугIортар

(Сулим 14:25-28)

12 Шен паччахьалла дIа а хIоттийна, ша
чIагIвелча, РахьбуIама а, цуьнца цхьаьна
берриге а исраилхоша а Везачу Элан *товрат-
хьехам* дIатесира. 2 РахьбуIама паччахьалла до
пхоьалгIа шо долуш, исраилхой Шех дIабирзина
Дела, Мисар-мехкан паччахь волу Шушакх
Ярушалаймана тIелатийтира Везачу Эло. 3 Цхьа
эзар ши бIе гIудалкх а, кхузткъа эзар дошло а
валийра Шушакха шеца. Ткъа цо Мисарара
далийна эскар-м дагар а ца далора. Царна юкъахь
ливахой а, сукхихой а, хушахой а бара. 4 ЯхIуд-
махкара чIагIйина гIаланаш схьа а яьхна,
Ярушалайме веара Шушакх.
5 ТIаккха РахьбуIамна а, Шушакхах бевдда
Ярушалаймехь гулбеллачу яхIудхойн куьйгалхошна
а тIе ШамIа-ЯхIу-пайхамар веара. Цо цаьрга элира:
«Иштта боху Везачу Эло: „Аша Со дIатесира,
цундела Аса шу а, дIа а тесна, Шушакхан кара
дIало“».
6 Исраилхойн куьйгалхоша а, паччахьо а, шаьш
къинош летадарна къера а хилла, элира: «Бакъ ву
Веза Эла!»
7 Къа леторна уьш къера хилар Шена гича,
Везачу Элан хIара дош кхечира ШамIа-ЯхIуга:
«Шаьш къинош летадарна уьш къера хиларна,
хIаллакбийр бац Аса уьш, кестта кIелхьар а бохур
бу. Шушакххехула кхочушйийр яц Аса
Ярушалаймана Сайн йолу оьгIазалла. 8 Амма
исраилхой Шушакхан ялхой хир бу, Суна гIуллакх
дарна а, лаьттарчу паччахьашна гIуллакх дарна а
юкъахь хIун башхо ю царна хаийтархьама».
9 ††Ярушалаймана тIе а летта, Везачу Элан цIа
чуьра а, паччахьан цIа чуьра а ерриге а еза хIума
дIаяьхьира мисархойн паччахьо Шушакха. Сулим-
паччахьо дайтина дашо турсаш а цхьаьна, дерриг
хIума а дIадаьхьнера. 10 Церан метта РахьбуIам-
паччахьо цIестан турсаш дайтира. Уьш паччахьан
цIийнан ков лардечу гIаролхойн хьаькамийн
караделира. 11 Паччахь хIоразза а Везачу Элан цIа
чу волуш, гIаролхой, и турсаш схьа а оьций, цуьнца
богIура. Цул тIаьхьа гIаролхойн цIа чу шен метте
охьадохкура цара уьш. 12 РахьбуIам къера хиларна,
Везачу Элан оьгIазло цунна тIера дIа а елира, Дала
иза кхоччуш дакъаза а ца ваьккхира. Ткъа ЯхIуд-
махкахь дика гIуллакххаш хуьлура.

### РахьбуIама паччахьалла динчу хенан жамI хIоттор

13 Иштта, Ярушалаймехь, чIагIвелла дIа а
хIоьттина, паччахьалла дира РахьбуIама. Иза
паччахь дIахIуттучу хенахь, цуьнан шовзткъе цхьа
шо дара. Везачу Эло Шен цIе цигахь
хилийтархьама, Исраилан массо а тайпанех Везачу
Эло схьакъастийначу Ярушалайм-гIалахь
вуьрхIитта шарахь паччахьалла дира РахьбуIама.
Цуьнан ненан цIе яра НаIмат. Иза Iамминхо яра.
14 Шен дог Веза Эла лахарна тIе ца дерзийна дела,
зуламе дерг дора РахьбуIама.
15 РахьбуIам-паччахьо динчу хIуманех лаьцна,
дуьххьарлерчунна тIера тIаьххьарлерчунна
тIекхаччалц, яздина ду ШамIа-ЯхIу-пайхамаран а,
Делера дерг гуш волчу Iиду-пайхамаран а тептарш
тIехь, доьзалийн схьадаларх лаьцна долчу декъа
тIехь. РахьбуIамна а, ЯрбаIамна а юкъахь, уьш
дийна мел бу, тIом лаьттира. 16 РахьбуIам, дIа а
кхелхина, шен дайх дIакхийтира. Иза Даудан
гIалахь дIавоьллира. РахьбуIаман метта паччахь
хилла дIахIоьттира цуьнан кIант Аби-ЯхIу.

† 11:15 Сулим 12:31.

†† 12:9 Сулим 10:16, 17; 2 Шерашкахь 9:15, 16.

### Аби-ЯхIуна а, ЯрбаIамна а юкъахь хилла тIом
(Сулим 15:1-8)

13 ЯрбаIама исраилхошна тIехь паччахьалла
деш долу берхIитталгIа шо долуш, Аби-ЯхIу
яхIудхойн паччахь хилла дIахIоьттира.
2 Ярушалаймехь кхаа шарахь паччахьалла дира цо.
Аби-ЯхIун ненан цIе МаIха яра. Иза гебаIхо волчу
Уриалан йоI хилла.
Аби-ЯхIуна а, ЯрбаIамна а юкъахь тIом бара.
3 Аби-ЯхIус шен эскар тIаме арадаьккхира. Цу
эскарехь виъ бIе эзар майра тIемало вара. Ткъа
ЯрбаIам, шеца бархI бIе эзар майра тIемало а
валош, тIамца цунна дуьхьалвелира.
4 Эпрайм-лаьмнашкарчу ЦIемарайм олучу цхьана
гу тIе а ваьлла, Аби-ЯхIус бохура: «ЯрбаIам а, массо
а исраилхо а, ладогIийша соьга! 5 Шуна хууш дац
ткъа, Исраилан Дела волчу Везачу Эло Даудана а,
цуьнан тIаьхьенах болчарна а Исраилна тIехь
паччахьалла дар гуттаренна а делла дуйла, туьхана
тIехь чIагIбина болу барт барца? 6 Амма Даудан
кIентан Сулиман ялхо волчу НабатIан кIант
ЯрбаIам, карзах а ваьлла, шен олахочунна
дуьхьалваьлла. 7 Эхь доцу, баьсса нах ЯрбаIамна
гонах а бевлла, Сулиман кIантана РахьбуIамна
дуьхьал а бевлла, чIагIбелира. Ткъа къона а, дагна
кIеда а волу РахьбуIам царна дуьхьал ца
латтавелира. 8 ХIинца шаьш вуно дукха долу дела а,
ЯрбаIама шун деланаш бина долу дашо эсий
шайца долу дела а, Даудан тIаьхьенах болчеран
карахь йолчу Везачу Элан пачхьалкхана дуьхьал
шаьш латталур ду моьттуш хир ду шу? 9 Ткъа аша
лелхийна бац левихой а, АхIаронан тIаьхьенах
болу Везачу Элан динан дай а, шайна юкъара
динан дай дIа а хIиттийна, кхечу мехкашкарчу
къаьмнаша уьш шайна юкъара дIахIиттош ма-
хиллара? Ша къобалвайта эса а, ворхI ка а бахьаш
веана волу милла а, харцделанийн *динан да* а вой,
дIахIоттаво аша.
10 Ткъа тхох лаьцна аьлча – Веза Эла ву тхан Дела.
Оха Иза дIа а ца тесира. Везачу Элана лерина
гIуллакхаш кхочушдеш болу динан дай АхIаронан
тIаьхьенах бу, ткъа левихоша царна гIо до церан
балха тIехь. 11 Цара хIора Iуьйранна а, суьйранна а
дийнаташ дагоран сагIа а доккху, *хаза хьожа йогIу
хIума* а ягайо, Далла гергахь цIанйинчу стоьла тIе
моггIара бепиг охьа а дуьллу, хIора суьйранна
дашочу стогарна чуьра къуьданаш а латабо. Цу
тайпана вайн Везачу Дала тIедиллинарг оха
кхочушдо, ткъа аша Иза дIатесна. 12 Хьажал шайна,
Дела Ша ву тхан куьйгалхо, ткъа Цуьнан динан дай
кийчча лаьтташ бу, шайн турбанашца орца
дакххар хазийта, шуна дуьхьал тIом бархьама.
Исраилхой! Шайн дайн Дела волчу Везачу Элаца
тIом ма белаш, хIунда аьлча цу тIехь шун толам
хир бац».
13 Амма и бохучу хенахь ЯрбаIама шен тIемалой
бахийтинера тIехьахула яхIудхошна кIело ян.
Иштта, ша яхIудхошна хьалха а хуьлуш, ткъа кIело
ян бахийтинарш царна тIехьа а хуьлуш, нисвелира
ЯрбаIам. 14 ЯхIудхой юхахьаьжира – царна хьалха а,
тIехьа а дIабоьдуш тIом бара. Уьш Везачу Эле
кхайкхира, ткъа динан дайша турбанаш лекхира.
15 ЯхIудхоша тIеман цIогIа туьйхира. Цара цIогIа
тоьхча, Аби-ЯхIуна а, яхIудхошна а хьалха ЯрбаIам
а, берриге исраилхой а Дала эшийна дIабехира.
16 Исраилхой яхIудхойх дIабевдира. Дала уьш
яхIудхойн карабахийтира. 17 Аби-ЯхIус а, цуьнан
эскаро а боккха эшам бира исраилхошна – царах
тоьлла волу пхи бIе эзар тIемало велира. 18 Иштта
цу дийнахь исраилхой сийсазбинера, ткъа
яхIудхошка толам баккхийтинера, уьш шайн дайн
Дела волчу Везачу Элах тешна лелаш хилла болу
дела.
19 ЯрбаIамна тIаьхьа а ваьлла, цхьайолу цуьнан
гIаланаш схьаехира Аби-ЯхIус: Бетал-гIала а,
цуьнца йоьзна ярташ а, Ишана-гIала а, цуьнца
йоьзна ярташ а, Iепрайн-гIала а, цуьнца йоьзна
ярташ а. 20 Аби-ЯхIу дийна волчу ханна кхин чIагI
ца делира ЯрбаIаман олалла. Везачу Эло вожийна,
иза велира.
21 Ткъа Аби-ЯхIун паччахьалла чIагIделира. Цо
шена ейтта зуда ялийра. Цуьнан ткъе шиъ кIант,
ялхитта йоI хилира. 22 Аби-ЯхIун кхидолчу хIуманех
лаьцна – цо мел лелийначух а, цо мел аьллачух а
лаьцна – яздина ду *Iиду-пайхамаран хьехамечу
тептар* тIехь.

### Аса-паччахьо хушахой эшабар

14 Аби-ЯхIу, дIа а кхелхина, шен дайх
дIакхийтира. Иза Даудан гIалахь
дIавоьллира. Аби-ЯхIун метта паччахь дIахIоьттира
цуьнан кIант Аса. Цо паччахьалла динчу заманчохь
махкахь итт шарахь машар лаьттира. 2 Аса-
паччахьо шен Везачу Далла дика а, нийса а хеташ
долу гIуллакхаш дора. 3 Хийрачу деланашна сагIа
доккху меттигаш а, царна *Iибадат дан*
билгалдаьхна гунаш а дIадехира Асас. Иштта
харцделанашна хIиттийна тIулгаш а дохийра цо,
Ашера-далла лерина долу дечиган бIогIамаш а
хедийра. 4 Шайн дайн Дела волу Веза Эла лахар а,
Цуьнан товрат-хьехамаш а, весеташ а лардар а
тIедиллира Асас яхIудхошна. 5 Иштта массо а
яхIудхойн гIаланашкахь кхиболчу деланашна
Iибадат дан билгалдаьхна гунаш а, цIушна *хаза
хьожа йогIу хIума* яго меттигаш а дIаехира цо. Аса
паччахь волчу юкъана пачхьалкх маьрша яра.
6 ЯхIуд-махкахь йолу гIаланаш, чIагIйина,
дIахIиттийра, мохк цу хенахь маьрша болу дела. Цу
шерашкахь Асин махкахь тIом бацара, Везачу Эло
цунна маршо елла дела. 7 Асас яхIудхошка элира:
«ХIара гIаланаш, дIа а хIиттийна, царна гонах
пенаш дийр ду вай, шайна тIехь бIаьвнаш а йолуш.
Иштта кевнаш а дийр ду, царна тIе гIораш а
дохкуш. ХIара латта хIинца а вайн долахь ду, хIунда
аьлча вайн Веза Дела вай лийхира. Вай Иза лехна

дела, Цо вайна массо а агIор маршо а елла». Цара
гIаланаш а дIахIиттайора, церан кхиамаш а
хуьлура. 8 Аса-паччахьан иштта эскар дара: ЯхIудан
тайпанах карахь даккхий турсашший,
гоьмукъашший долу кхо бIе эзар тIемало а, Бен-
Яманан тайпанах карахь кегий турсаш долу а,
пхерчий кхуьссуш волу а ши бIе везткъа эзар
тIемало а. Уьш массо а майра тIемалой бара.
9 Царна тIамца дуьхьалвелира хушахо волу
Зерахь. Цуьнан эзарнашкахь-эзарнаш болу
тIемалой а, кхо бIе гIудалкх а яра. Иза Мареша-
гIала кхаччалц дIавахара. 10 Аса-паччахьо, тIамца
цунна дуьхьал а ваьлла, шен эскар Мареша-
гIалина уллорачу Цепата олучу тогIи чохь
дIахIоттийра. 11 Иза шен Везачу Деле кхайкхира. Цо
элира: «Веза Эла! Ницкъболчарна
дуьхьалвалархьама гIорасиза волчунна гIо далуш,
Хьо воцург, цхьа а вац. Тхан Веза Дела, гIо дехьа
тхуна, хIунда аьлча Хьох тешна ма ду тхо, Хьан
цIарах хIокху доккхачу эскарна дуьхьалдовлуш
долу. Веза Эла! Хьо ву тхан Дела! Цхьа а адам ма
тоьлийла Хьол».
12 Асина а, яхIудхошна а хьалха эшийра Везачу
Эло хушахой. Уьш бевдира. 13 Аса-паччахь а,
цуьнца долу эскар а ГIарар-гIала кхаччалц царна
тIаьхьаделира. Кхин юхаметта ца хIоттал дукха
бара хушахойх хIаллакбинарш. Везачу Элана а,
Цуьнан эскарна а хьалха бохийнера уьш.
ЯхIудхоша шайна шортта хIонс яьккхира. 14 Иштта
ГIарарна гонах йолу гIаланаш а йохийра цара,
хIунда аьлча Везачу Элера къемат доьссинера
царна тIе. Оцу массо а гIаланашкара хIонс
араяьккхира цара, хIунда аьлча царна чохь дуккха
а хIума яра. 15 ЖаIуйн четаршна тIе а летта, шайца
дуккха а жаш а, эмкалш а ялош, Ярушалайме
юхабирзира уьш.

### Аса-паччахьо дина юхаметтахIиттораш

15 Iудадан кIантана Iазар-ЯхIуна тIе Делан Са
доьссира. 2 Ара а ваьлла, Асина тIе а вахана,
цо элира: «Аса-паччахь, ахьа а, массо а яхIудхоша
а, бен-яманхоша а, ладогIа соьга! Веза Эла а шуьца
хуьлу, шу Цуьнца хилча. Аша И лахахь, шуна карор
ву Иза. Ткъа аша Иза дIатасахь, Цо шу а дIатосур ду.
3 Дуккха а йолчу хенахь бакъволу Дела а, хьехарш
деш волу *динан да* а, *товрат-хьехам* а боцуш бехаш
бара исраилхой. 4 Ткъа шаьш гаттабелла
хьаьвзича, уьш Исраилан Дела волчу Везачу Элана
тIебирзира. Иза цара, лаха а лоьхура, ткъа Цо
цаьрга Ша кара а войтура. 5 Цу заманчохь
некъахошна маршо яцара, хIунда аьлча ша
лаьттахь мел деха адам сингаттамехь дара.
6 Халкъаш вовшашна тIелетара, гIаланаш
вовшашна тIегIертара, хIунда аьлча Дала, массо а
тайпана бохамаш тIе а бахкийтина, адамаш
гIайгIане хьийзара. 7 Амма шу чIагI а лойла, шун
куьйгаш гIел а ма лойла, хIунда аьлча аша динчу
гIуллакхашна ял лур ю шуна».
8 И дешнаш а, Iудад-пайхамарехула Дала бина
хаам а шена дIахезча †, дог иракарахIоьттира Асин.
Цо ЯхIудан а, Бен-Яманан а тайпанийн берриг
махкара а, Эпрайм-лома тIера ша схьаяьхначу
гIаланашкара а дегаза цIуш дIабехира. Везачу Элан
цIенна хьалха лаьтташ болу Цунна *сагIа доккху
кхерч* карлабаьккхира Асас.
9 Массо а яхIудхой, бен-яманхой, цаьрца цхьаьна
баха охьахевшина болу, Эпрайман а, Маннашан а,
ШимIин а тайпанашкара болу нах тIегулбира цо,
хIунда аьлча Аса-паччахьан Веза Дела Асица вуйла
шайна хиъча, дукхахболу исраилхой цуьнгахьа
бевлира. 10 Асас паччахьалла деш долчу
пхуьйтталгIачу шеран кхоалгIа бутт болуш, уьш
Ярушалайме схьагулбелира. 11 Шаьш яьккхинчу
хIонсана юкъара ворхI бIе бежана а, ворхI эзар
уьстагI а Везачу Элана сагIина беара цара цу
дийнахь. 12 Шайн доггах а, дерриг синца а шайн
дайн Дела волу Веза Эла лаха барт бира цара.
13 Ткъа Исраилан Веза Дела лохуш воцу муьлхха а
вен веза, иза жима велахь я воккха велахь, иза стаг
велахь я зуда елахь. 14 Турбанашший, маIашший
лоькхуш, чIогIа мохь тоьххна, Везачу Элана
тешаме хиларан дуй биира цара. 15 Массо а
яхIудхой сакъераделла бара оцу дуй баарх, хIунда
аьлча цара доггах деш дара иза. Дерриг а синца
Веза Эла лоьхура цара, ткъа Цо цаьрга Ша
каравойтура. Церан махкана гонах, массо а агIор,
маршо латтайойтура Везачу Эло.
16 Ур-атталла шен ден нана МаIха а паччахьан цIе
лелорах яьккхира Аса-паччахьо, цо Ашера-
харцдалла лерина дегаза болу бIогIам
дIахIотторна. И дегаза цIу, хеда а вина, цеста а
цистина, Кхидрун-тогIи чохь вагийна дIаваьккхира
Аса-паччахьо. 17 Исраил-махкахь сагIа доккху гунаш
цо дIа ца даьхнехь а, ша дийна мел волчу хенахь
Везачу Элана доггах тешаме вара Аса. 18 Шен дас а,
ша а Далла къобалйина йолу пхьегIаш а, дато а,
дашо а хIуманаш а *Делан цIа* чу ехкира Аса-
паччахьо. 19 Асас паччахьалла деш, ткъе
пхуьйтталгIа шо тIекхаччалц тIом бацара.

### Асас а, Бен-Хьадида а бина барт

(Сулим 15:17-22)

16 Асас паччахьалла до ткъе ялхитталгIа шо
долуш, исраилхойн паччахь БаIша ЯхIуд-
махкана тIелетира. Цо Рама-гIала чIагIйира, цхьа а
Аса-паччахьан лаьтта тIера ара а, я цу тIе а ца
валийтархьама. 2 Везачу Элан а, паччахьан а
цIенойн хазнаш чуьра дети а, деши а, схьа а эцна,
Дамасаккхехь Iаш волчу Арам-мехкан †† паччахьна
Бен-Хьадидана дахьийтира Аса-паччахьо. Цо Бен-
Хьадиде бохура: 3 «Барт хуьлийла суна а, хьуна а

† *Iебархойн тептар тIехь: *И дешнаш а, Iудад-пайхамарехула Дала бина хаам а шена дIахезча...*Цхьадолчу ширачу гочдарш тIехь: *Пайхамар волчу Iудадан кIанта Iазар-ЯхIус аьлла и дешнаш а, цуьнга Дала бина хаам а шена дIахезча...** †† *Арам-мохк *– иза хIинцалерчу Сири-мехкан цхьа дакъа хилла.**

юкъахь, сан дена а, хьан дена а юкъахь ма-
хиллара. Аса хьуна дети а, деши а доуьйту. Ахьа
хьайна а, исраилхойн паччахь волчу БаIшина а
юкъахь болу барт бохабе, иза суна тIегIоьртина
волчуьра дIавалийтархьама».
4 Аса-паччахьо бохучуьнга ладуьйгIира Бен-
Хьадида. Цо шен тIеман хьаькамаш бахийтира
Исраил-мехкан гIаланашна тIелата. Цара толам
баьккхира Iаюн а, Дан а, Абал-Майм а гIаланашна
а, Наптал-махкарчу тIаьхьалонна кечдина долу
сурсаташ чохь латтош йолу ерриг гIаланашна а
тIехь. 5 И дерриг а шена хезча, Рама-гIала чIагIъяр
саца а дина, шен болх битира БаIша-паччахьо.
6 Ткъа Аса-паччахьо массо а яхIудхой схьагулбира.
БаIшас Рама-гIала чIагIъеш лелош болу тIулг а,
дечиг а цигара арадаьккхира. Цаьрца Бен-Яманан
ГибаI-гIала а, МицIпа-гIала а чIагIйира Аса-
паччахьо.

### Хьанани-пайхамаро бина тIехтохамаш

7 Цу хенахь яхIудхойн паччахьна Асина тIе
Делера дерг гуш волу Хьанани веара. Цо Асе элира:
«Хьайн Везачу Далла тIетовжар а доцуш, хьо
арамхойн паччахьна тIетевжина дела, хьан карара
дIадели арамхойн паччахьан эскар. 8 Хушахой а,
ливахой а хьан болчул сов ницкъ а, вуно дукха
гIудалкхаш а, дошлой а болуш бацара ткъа? Амма
хьо Везачу Элана тIетевжаш хилла дела, Цо уьш
хьан карабеллера. 9 ХIунда аьлча Везачу Элан
бIаьргаша дерриге а латта дIалоцу, Шех дог тешна
Iаш болчарна гIо дархьама. Ахьа ойла ца еш хIума
дина хIинца. И бахьана долуш хIинца дуьйна
тIемаш бан дезар ду хьан». 10 Асас, аьллачунна
эргIа а ваьлла, Делера дерг гуш волчунна оьгIаз а
вахана, иза набахти чу воьллира. Иштта халкъана
юкъара цхьацца болчу нахана ницкъ бора цо цу
хенахь.

### Асин цамгар а, валар а
(Сулим 15:23, 24)

11 Аса-паччахьо динчу гIуллакхех лаьцна,
дуьххьарлерчунна тIера тIаьххьарчунна
тIекхаччалц, яздина ду *яхIудхойн а, исраилхойн а
паччахьийн тептар* тIехь. 12 Асас паччахьалла до
ткъе ткъайоьсналгIа шо долуш, цуьнан когех
цамгар кхийтира. И цамгар чIогIа кхетта
йоллушехь, Везачу Элана тIе а ца воьрзуш,
лоьрашкара шена гIо дар лийхира Аса-паччахьо.
13 ТIаккха ша паччахьалла до шовзткъе цхьалгIа шо
долуш, Аса-паччахь, дIа а кхелхина, шен дайх
дIакхийтира. 14 Даудан гIалахь йолчу шена
кечйинчу къубби чохь дIавоьллира Аса. Хаза хьожа
йогIучу хIуманех а, тайп-тайпана хьакхарех а
буьзначу барамна тIе диллинера цуьнан дакъа.
Асина лерина вуно йоккха цIе латийра.

### ЯхIушапти паччахь дIахIоттор

17 Асин метта паччахь хилла дIахIоьттира
цуьнан кIант ЯхIушапти. Иза исраилхошна
дуьхьал чIагIвелла дIахIоьттира. 2 ЯхIуд-махкарчу
чIагIйина дIахIоттийначу ерриге а гIаланашкахь
эскарш дIахIиттийра цо. Иштта ЯхIуд-мехкан а,
цуьнан дас Асас шен дола баьхна хиллачу Эпрайм-
мехкан гIаланашкахь а эскаран тобанаш
дIахIиттийра ЯхIушаптис. 3 Ша паччахьалла дан
волавеллачу юьхьарчу хенахь шен дайх волу Дауд
хьалха лелла хиллачу некъашкахула а лелаш,
ЯхIушапти БаIалан цIушна тIаьхьа ца хIоьттина
дела, цуьнца Веза Эла вара. 4 ЯхIушаптис,
исраилхоша лелориг а ца лелош, шен ден Дела а
лоьхура, иза Цуьнан весеташца а лелара. 5 Везачу
Эло ЯхIушаптин карахь йолу пачхьалкх чIагIйира.
ЯхIудхоша массара а ЯхIушаптина совгIаташ
кхоьхьура. Цуьнан дуккха а хьал а дара, сийлалла а
лакхаделира. 6 Везачу Элан некъахула лела даггара
тIевирзина вара ЯхIушапти. ЯхIуд-махкара сагIа
доккху гунаш а, Ашера-далла лерина болу дечиган
бIогIамаш а дIадехира цо.
7 Ша паччахьалла дечу кхоалгIачу шарахь
баьччанаш болу Бен-Хьайл, Iабди-ЯхIу, Закри-ЯхIу,
Натунаил, Мика-ЯхIу яхIудхойн гIаланашкахула
халкъана хьехамаш бан бахийтира ЯхIушаптис.
8 Цаьрца цхьаьна хIара левихой бахийтира цо:
ШамIа-ЯхIу, Натан-ЯхIу, Забди-ЯхIу, IасахIал,
Шамирамути, ЯхIуната, Адан-ЯхIу, ТIуби-ЯхIу, ТIуба-
Адан-ЯхIу. Иштта динан дай болу Эли-ШамаI а,
Йорам а вахийтира ЯхIушаптис цаьрца. 9 Везачу
Элан товрат-хьехамаш тIехь болу тептар карахь а
долуш, хьоьхура цара ЯхIуд-махкахь. ЯхIуд-
махкарчу ерриге а гIаланашкахула чекх а буьйлуш,
халкъана хьехарш дора цара.

### ЯхIушапти-паччахьан нуьцкъалалла

10 ЯхIушаптина дуьхьал тIом ца бечу ЯхIуд-
махкана гонахарчу пачхьалкхашна тIехь Везачу
Элан кхерам бара. 11 ПIелаштамхошкара совгIаташ
а, йолана дети а дахьара ЯхIушаптина. Iаьрбихоша
жа даладора цунна: ворхI эзар ворхI бIе уьстагI а,
ворхI эзар ворхI бIе бож а. 12 ЯхIушаптин хьал
алсамдолуш дара. ЯхIуд-махкахула цо гIепаш а,
тIаьхьалонна долу хIума дIадуьллу гIаланаш а
йира. 13 ТIаьхьалонна дIадиллина дуккха а хIума
дара ЯхIушаптин яхIудхойн гIаланашкахь. Ткъа
Ярушалаймехь доьналла долу дуккха а тIемалой а
бара цуьнан. 14 Иштта ю тIемалойн тобанаш, церан
доьзалшка хьаьжжина. ЯхIудан тайпанарчу эзар
тIемалочунна тIехь болу хьаькамаш хIорш хилла:
хьаькам волу Iадани а, цуьнан кхо бIе эзар майра
тIемало а; 15 хьаькам волу ЯхIу-Хьана а, цуьнан ши
бIе везткъа эзар тIемало а; 16 хьаькам волу а,
Везачу Элан дуьхьа шен дахар тIеман гIуллакхна
къобалдина волу а Зикрин кIант Iамси-ЯхIу а,

цуьнан ши бIе эзар майра тIемало а. 17 Бен-Яманан
тайпанара хьаькамаш хIорш хилла: майра тIемало
волу ЭлидаI а, шайн карахь секхаIедаш а, каралоцу
турсаш а долу цуьнан ши бIе эзар тIемало а;
18 хьаькам волу ЯхIу-Забди а, карахь герз лелош
волу цуьнан цхьа бIе везткъа эзар тIемало а. 19 Уьш
бара Ярушалайм-гIалахь паччахьна гIуллакх до
тIемалой. Берриге а ЯхIуд-махкарчу чIагIйинчу
гIаланашкахь паччахьо дIахIиттийна хиллачу
тIемалойл сов бара уьш.

### Ахьаб-паччахь а, Мика-ЯхIу-пайхамар а
(Сулим 22:1-28)

18 ЯхIушаптин дукккха а хьал а дара, иза чIогIа
лоруш а вара. Ахьабца гергарло тесира цо.
2 Масех шо даьлча, ЯхIушапти Шамран-гIала
Ахьабана тIевахара. ЯхIушаптина а, цуьнца болчу
нахана а лерина дукккха а жа а, хьайбанаш а дайира
Ахьаба. Ахьаб ЯхIушапти шегахьа вакхха
гIоьртира, иза шеца цхьаьна ГалIад-махкарчу
Рамат-гIалина тIелатийтархьама. 3 Исраилхойн
паччахьо Ахьаба яхIудхойн паччахье ЯхIушаптига
элира: «Хьо вогIур варий соьца ГалIадерачу Рамат-
гIалина тIелата?»
ЯхIушаптис цуьнга жоп делира: «Вай гергара ма
ду. Сан халкъ а хьан халкъ ма ду. Дера догIур ду тхо
хьоьца тIаме!» 4 ЯхIушаптис кхидIа а исраилхойн
паччахье элира: «Амма цкъа хьалха Везачу Эло
хIун боху хаттийтахьа».
5 Исраилхойн паччахьо, виъ бIе пайхамар схьа а
гулвина, цаьрга хаьттира: «ГалIадерачу Рамат-гIала
тIамца даха дезий те тхо, я ца деза те?»
Цара жоп делира: «Хьо ваха веза. Везачу Эло хьан
кара схьалур ю иза».
6 ТIаккха ЯхIушаптис хаьттира: «Кхин цхьа а вуй
те кхузахь Везачу Элан пайхамар? Цуьнгахула а
Везачу Эле хаттар дийр дара вай».
7 Исраилхойн паччахьо ЯхIушаптига элира: «Кхин
а цхьа пайхамар ву, шегахула Везачу Эле хаттар
дан мегар долуш. Амма суна иза ца веза, хIунда
аьлча цо цкъа а сох лаьцна Делера дика хаам ца
бо, вониг бен. Иза Йимлаан кIант Мика-ЯхIу ву».
«Паччахь, ма алахьа иштта», – элира ЯхIушаптис.
8 ТIаккха, паччахьан кертара цхьа ялхо схьа а
кхайкхина, исраилхойн паччахьо цуьнга элира:
«Вало, сихха Йимлаан кIант Мика-ЯхIу схьавалош
вола».
9 Исраилхойн паччахь Ахьаб а, яхIудхойн паччахь
ЯхIушапти а, шаьшшинна тIе паччахьан духарш а
дуьйхина, хIорра а шен паччахьан гIанта тIе
охьахиъна вара. Уьш Шамран-гIалин кевнехьа
йолчу хьаьттарехь бара. Берриге а пайхамарш
бара, пайхамаралла а деш, царна хьалха
дIахIиттина. 10 КинаIанан кIанта ЦIадукъ-ЯхIус,
шена тIе аьчка маIаш а ехкина, элира: «Иштта боху
Везачу Эло: „Арамхой хIаллакбина охьабахккалц
хIара маIаш Iуьттур ю ахьа царна“». 11 Массо а
пайхамаро а, цхьатерра хаам а беш, бохура:
«ГалIадерачу Рамат-гIалина тIелата, дерриг а
кхиамца чекхдер ду. Везачу Эло паччахьан кара
схьалур ю иза».
12 Мика-ЯхIуга схьакхайкха ваханчу стага цуьнга
элира: «Пайхамарша, шаьш хиндолчух хаамаш
бечу хенахь, массара а цхьатерра паччахьна
диканиг олу. Хьан дош а хилахьара цара хIораммо
а бохучух терра. Ахьа а диканиг алахьа».
13 Мика-ЯхIус цуьнга элира: «Дийна волчу Везачу
Элах чIагIо йо аса, сайга сан Дала боххург айса
дIаэриг хиларх».
14 Пайхамар паччахьна тIевеара. Паччахьо Мика-
ЯхIу-пайхамаре хаьттира: «Мика-ЯхIу! Ваха везий
те со тIамца ГалIадерачу Рамат-гIала я ца веза?»
Мика-ЯхIу-пайхамаро паччахье элира: «ДIагIо
хьо. Кхиам хир бу хьан. Иза хьан кара схьалур ю
хьуна».
15 ТIаккха паччахьо цуьнга элира: «Мосазза чIагIо
яйта еза те аса хьоьга, Везачу Элан дуьхьа билггал
бакъдерг бен соьга хIумма а ма алахьара аьлла?»
16 †ТIаккха Мика-ЯхIу-пайхамаро элира: «Суна
хьалха Делера сурт хIоьтти, берриг а исраилхой,
шайна тIехь Iу воцу уьстагIий санна,
лаьмнашкахула дIасабаьржина. ТIаккха Везачу Эло
элира: „Вац царна тIехь хьаькам, уьш хIорра а шен
цIа маьрша вухавоьрзийла“».
17 Исраилхойн паччахьо ЯхIушаптига элира: «Аса
элирий хьоьга, цо цкъа а сох лаьцна Делера дика
хаам ца бо, вониг бен!»
18 ТIаккха Мика-ЯхIу-пайхамаро элира: «Ткъа
хIинца Везачу Эло бохучуьнга ладогIа! Суна гира,
Веза Эла Шен Iаршана тIе охьахиъна хилар, ткъа
стигаларчу гуламан массо а декъашхой Цунна
уллохь лаьттара – Цуьнан аьтту а, аьрру а агIор.
19 Везачу Эло элира: „Шух муьлхачо тIеерзор яра
исраилхойн паччахь волчу Ахьабан ойла, иза
тIамца ГалIадарчу Рамат-гIала а вахийтина, цигахь
хIаллакьхилийтархьама? Цхьаммо цхьаъ олура,
вукхо важа олура“. 20 ТIаккха стигаларчу гуламан
цхьана декъашхочо, Везачу Элана хьалха дIа а
хIоьттина, элира: „Аса дийр ду“. Везачу Эло
хаьттира: „Муха?“ 21 Стигалара гуламан оцу
декъашхочо жоп делира: „Аса, вахана, цуьнан мел
болчу пайхамаршка харцдерг олуьйтур ду“. Везачу
Эло элира: „Ахьа иза берта а валаве, хьо ларор ву
иза дан. Ваха а гIой, иштта де ахьа“.
22 Иштта, Везачу Эло оцу хьан массо а
пайхамаршка хьоьга харцдерг алийтира. Везачу
Эло хьуна тIе бохам баийта сацам ма бина!»
23 ТIаккха КинаIанан кIанта ЦIадукъ-ЯхIус, Мика-
ЯхIу-пайхамаран бесни тIе тIара а тоьхна, элира: «И
бохург хIун ду? Везачу Элан Са, хьоьгахула хаам
бархьама, сох дIакъаьстина ткъа?»
24 Мика-ЯхIус элира: «Хьажалахь, хьо
къайлавалархьама чухуларчу цхьана чоьнна чу
ваханчу дийнахь иза хуур ду хьуна».

† *18:16 Лелар 27:17; Яхьазкхиал 34:5; Маттай 9:36; Марк 6:34.*

25 Исраилхойн паччахьо элира: «Мика-ЯхӀу-
пайхамар, схьа а лаций, гӀалин хьаькамна Аминна
тӀе а, паччахьан кӀантана Юашина тӀе а вига. 26 Аша
цаьрга дӀаала: „Иштта боху паччахьо: ‘ХӀара стаг
набахти чу волла. Со маьрша цӀа верззалц, кӀеззиг
бепиг а, хи а бен, хӀумма а ма ло цунна’“».
27 Мика-ЯхӀус элира: «Нагахь хьо маьрша
вухаверзахь, соьгахула хаам бинарг Веза Эла ца
хилла». Кхин а цо элира: «Массо а халкъо
ладугӀийла аса аьллачуьнга!»

### Ахьаб-паччахьан валар
(Сулим 22:29-35)

28 Исраилхойн паччахь а, яхӀудхойн паччахь
ЯхӀушапти а ГалӀадерачу Рамат-гӀалина тӀелетира.
29 Ахьаб-паччахьо ЯхӀушапти-паччахье элира: «Аса,
со мила ву ца хаийта, сайна тӀера духар а хийцина,
тӀом дӀаболор бу. Ткъа ахьа хьайн паччахьан духар
тӀедуха». Иштта, ша мила ву ца хаийта, шена тӀе
хийцина хӀума а юьйхина, тӀом дӀаболийра
исраилхойн паччахьо.
30 Арамхойн паччахьо шен тӀеман гӀудалкхийн
хьаькаме омра динера: «Царах я жимачуьнца а, я
воккхачуьнца а тӀом ма бе, веккъа цхьана
исраилхойн паччахь воцучуьнца», – аьлла.
31 ЯхӀушапти шайна гича, гӀудалкхийн
хьаькамашна иза билггал исраилхойн паччахь ву
моьттира. Арамхоша ЯхӀушаптина тӀелатархьама,
цунна го бира. ЯхӀушаптис мохь хьаьккхира, ткъа
Везачу Эло цунна гӀо дира. Дала уьш юхабехира
цунна уллора, 32 хӀунда аьлча, иза исраилхойн
паччахь воций а хиъна, гӀудалкхийн хьаькамаш
цунна тӀаьхьабевллачуьра севцира. 33 Цу хенахь
цхьана стага ларамаза пха кхоьссира. И пха
исраилхойн паччахьна тӀехь долчу гӀаьгӀнан
дакъошна юккъе кхийтира, цо паччахьна чов
йира. ГӀудалкх лелош волчуьнга Ахьаб-паччахьо
элира: «Юха а верзий, тӀом бечу меттера дӀаваккха
со – суна чов йина».
34 Амма цу дерриг а дийнахь тӀом чӀогӀа лаьтташ
бара. Исраилхойн паччахьо суьйре тӀеяллалц шен
гӀудалкха чохь арамхошна дуьхьал ша лоттуьйтура,
ткъа малх бузучу хенахь иза велира.

### ЯхӀус ЯхӀушаптина бина тӀехтохам

19 ЯхӀудхойн паччахь ЯхӀушапти шен цӀа
Ярушалайме маьрша юхавоьрзуш вара.
2 Цунна дуьхьал ваха аравелира Делера дерг гуш
волу Хьананин кӀант ЯхӀу-пайхамар. Цо паччахье
элира: «Веза Эла ца везачу, Ӏесачу нахана гӀо дан
дезарий те ахьа? И бахьана долуш Везачу Эло
оьгӀазло йина хьуна. 3 Делахь а, хьох диканиг
доллуш а карийна Цунна, хӀунда аьлча, ЯхӀуд-
махкара Ашера-далла лерина долу дечиган
бӀогӀамаш дӀа а даьхна, хьайн дог Дела лахарна
тӀедерзийна ахьа».

### ЯхӀушаптис дина юхаметтахӀиттораш

4 ЯхӀушапти Ярушалаймехь Ӏаш вара. Юха а, Беар-
ШабаӀ-гӀалара дуьйна Эпрайм-лома тӀекхаччалц
дӀа а вахана, шен халкъана тӀе а воьдуш, уьш
церан дайн Дела волчу Везачу Элана тӀеберзорна
кхайкхам бора цо. 5 ЯхӀуд-махкарчу чӀагӀйинчу
хӀора а гӀали чохь кхелахой дӀахӀиттийра
ЯхӀушаптис. 6 Кхелахошка цо элира: «Шаьш дийриг
хӀун ду хьовсалаш, аша йийриг адамийн дуьхьа
йолу кхел яц, иза Везачу Элан дуьхьа ю. Аша кхел
ечу гӀуллакх тӀехь Иза шуьца ву. 7 Везачу Эле болчу
ларамах дуьзна хуьлийла шу. Шаьш дийриг хӀун ду
а хьожуш делаш, хӀунда аьлча вайн Везачу Делаца
яц харцо, я озабезам бар, я кхаьънаш эцар».
8 Ярушалаймехь а левихойх а, динан дайх а,
исраилхойн доьзалийн баьччанех а болу цхьаболу
нах Везачу Элан йолчу кхеле а, гӀалин бахархойн
къовсамехь йолчу кхеле а озорна долчу
гӀуллакхашка дӀахӀиттийра ЯхӀушаптис †. 9 Царна тӀе
а дуьллуш, цо элира: «Везачу Эле ларамах дуьзна
хиларца а, тешаме хиларца а, доллучу дагца а
делаш шаьш дийриг. 10 Шайн гӀаланашкахь бехачу
шун вежаршкара шайна тӀедеанчу муьлххачу а
къовсамечу гӀуллакх тӀехь, иза цӀий Ӏанорца я
товрат-хьехамашца, я весеташца, я парзашца, я
кхидолчу тӀедехкинаршца доьзна делахь а, уьш
Везачу Элана хьалха бехке ца хилийта царна
хьехамаш бе. Иштта гӀуллакхаш де, тӀаккха аша
къилахь дерг дийр дац. 11 Коьрта *динан да* волу
Ӏамар-ЯхӀу, аша Везачу Элана лерина дечу
муьлххачу а гӀуллакхна тӀехӀоттийна ву. Ткъа
ЯхӀудан тайпанан баьчча волу ИсмаьӀалан кӀант
Забди-ЯхӀу паччахьна лерина дечу муьлххачу а
шун гӀуллакхна тӀехьажа хӀоттийна ву. Иштта
левихой оцу гӀуллакхашна тӀехь гӀодийраш хир бу
шун. ЧӀагӀдаларца кхочушде шайна тӀедиллина
гӀуллакх, ткъа Веза Эла диканиг дечаьрца
хуьлийла».

### Муабахошца болу тӀом

20 Цул тӀаьхьа муабахой а, Ӏамминхой а, цаьрца
цхьаьна цхьаболу маӀунхой †† а ЯхӀушаптина
тӀамца чугӀоьртира. 2 Цхьаболчу геланчаша, схьа а
баьхкина, ЯхӀушаптига хаам бира: «Дуьрачу
хӀордан дехьара Эдом-махкара ‡ хьуна
дуьхьалдаьлла догӀуш вуно доккха эскар ду.
Хьаццон-Тамарехь бу уьш хӀинцале а», – аьлла. (И
меттиг кхечу тайпана Ӏейн-ГӀади олуш ю.) 3 Са бӀарз
а делла, ЯхӀушаптис сацам бира Везачу Элах

† Грекийн гочдар тӀехь: *...гӀалин бахархойн къовсамехь йолчу кхеле а озорна долчу гӀуллакхашка дӀахӀиттийра ЯхӀушаптис. *Ӏебархойн тептар тӀехь: *...адамийн къовсамехь йолчу кхеле а озорна долчу гӀуллакхашка дӀахӀиттийра ЯхӀушаптис. Ткъа шаьш Ярушалайме юхабирзира уьш.* †† Ӏебархойн тептар тӀехь: *Ӏамминхой. *Грекийн гочдар тӀехь: *маӀунхой.* ‡ Ӏебархойн тептар тӀехь: *Арам-махкара. *Грекийн гочдар тӀехь: *Эдом-махкара.*

дагавала. Берриге а ЯхІуд-махкахь *марха* кхаба
дезар дІахьедира цо халкъе. [4] ЯхІудхой Везачу Эле
гІо деха схьагулбелира. ЯхІуд-махкарчу ерриге а
гІаланашкара баьхкира уьш, Везачу Эле шайна гІо
дар дехархьама. [5] Везачу Элан цІийнан хьалха
керлачу кертахь яхІудхойн а, ярушалаймхойн а
гуламехь, дІа а хІоьттина, [6] ЯхІушаптис элира: «Тхан
дайн Дела волу Веза Эла! Хьо вац ткъа стигалахь
волу Дела? Хьо ву массо а халкъийн
пачхьалкхашна тІехь олалла деш! Хьан карахь бу
ницкъ а, чІагІо а! Хьуна дуьхьал цхьа а латталур
вац! [7] †Тхан Дела, Ахьа ца лаьхкира кху мехкан
бахархой Хьайн Исраилан халкъана хьалха, и латта
Хьайн доттагІа волчу ИбрахІиман хІуна гуттаренна
а дІа а луш? [8] Ткъа уьш цигахь баха хевшира. Хьуна
лерина деза цІа а дина, цара бохура: [9] „Нагахь
санна тхуна тІе цхьа бохам хІоттахь: хуьлийла иза я
таІзар деш долу тур, я цамгарийн ун, я мацалла,
тІаккха тхо хІокху цІенна хьалха Хьуна хьалха
дІахІуьттур ду, хІунда аьлча Хьан цІе кху цІа чохь ю.
Тхо гаттаделла хьаьвзича, Хьоьга кхойкхур ду. Ткъа
Ахьа, тхо дІа а хезна, кІелхьардохур ду“.
[10] ††ХІинца Іамминхой а, муабахой а, СеІир-ломара
бахархой а тхуна тІелеташ бу. Ткъа Мисар-махкара
тхан дай арабевлла схьабогІучу хенахь, Ахьа уьш
оцу халкъийн мехкашкахула чекх ца бовлийтира.
Цундела тхан дай, царах дІа а бирзина, и халкъаш
хІаллакдаза дитинера. [11] Ткъа хІинца уьш тхуна
бекхам беш бу, Ахьа тхан дола схьаделлачу лаьтта
тІера тхо дІалахка а баьхкина. [12] Тхан Дела! Ахьа
кхел ехьа царна. ХІунда аьлча тхуна тІегІоьртинчу
оццул дукха болчу царна дуьхьалдовла ницкъ бац
тхан. Тхаьш хІун дан деза ца хаьа тхуна, амма тхан
бІаьргаш Хьоьгахьа бирзина бу!»
[13] Везачу Элана хьалха лаьтташ бара яхІудхойн
берриге а божарий шайн карарчу берашца а,
зударшца а, улло даьхначу берашца а. [14] Цу хенахь
Матан-ЯхІун кІант волчу ЯІиалан кІентан БенъяхІун
кІант волчу Закри-ЯхІун кІантана Яхьазиална тІе
гуламна юккъехь Везачу Элан Са доьссира.
Яхьазиал Асайпан тІаьхьенах волу левихо вара.
[15] ‡Цо элира: «Массо а яхІудхой, Ярушалайман
бахархой, ЯхІушапти-паччахь, ладогІалаш соьга!
Везачу Эло шуьга иштта боху: „Оцу вуно доккхачу
эскарх кхера а ма ло, дог доьхна а ма хила, хІунда
аьлча и тІом шун бац, иза Делан тІом бу. [16] Шу
кхана царна дуьхьал дІагІо. Уьш Циц-Іинехула
хьалабевр бу. ТогІина йистехь Яруал цІе йолчу
яьссачу аренга дІакхоччуш карор бу шуна уьш“.
[17] ‡‡Ткъа хІинца аша бан ца беза и тІом. Шу, дІа а
хІиттий, хьоьжуш Іе шайна Везачу Элера хир долчу
кІелхьардовларе. ЯхІудхой, Ярушалаймхой! Шу
кхера а ма ло, дог доьхна а ма хила. Шу кхана
царна дуьхьалдовла, ткъа Веза Эла шуьца хир ву».
[18] ТІаккха ЯхІушаптис лаьтта кхаччалц корта
охьатаІийра. Иштта берриге а яхІудхой а,
ярушалаймхой а Везачу Элана хьалха охьатаьІира,
Цунна Іибадат дархьама. [19] КхахІатхойн а,
кхорахьахойн а, тІаьхьенех болчу левихоша, хьала
а гІевттина, дикка аз а айдина, Исраилан Дела
волчу Везачу Элана хастамаш бира.
[20] Іуьйранна, хьалххе хьала а гІевттина, уьш
ТакхоІ-гІалина уллохь йолчу яьссачу аренга
дІабуьйлабелира. Уьш дІабоьлхучу хенахь,
ЯхІушаптис, дІа а хІоьттина, элира: «ЯхІудхой,
ярушалаймхой, ладогІалаш соьга! Шайн Везачу
Делах тешна хила – шу чІагІдийр ду! Цуьнан
пайхамарех теша, тІаккха кхиамаш хир бу шун».
[21] Цо, халкъах дага а ваьлла, Везачу Элана лерина
назманчаш дІахІиттийра, уьш карахь герз
долчарна хьалха а бовлийтина, шайна тІехь деза
духарш а долу, хастамаш а беш, цаьрга
алийтархьама: «Баркалла ала Везачу Элана,
Цуьнан хедар боцу безам абаденналц бу!»
[22] Цара, маьхьарий а детташ, хастамаш бечу
хенахь, Везачу Эло яхІудхошна тІегІорта баьхкинчу
Іамминхошна а, муабахошна а, СеІир-ломарчу
бахархошна а дуьхьал кІело йийраш дІахІиттийра.
Уьш ийшира. [23] Іамминхой а, муабахой а СеІир-
ломарчу бахархошна чугІоьртира, уьш байина
дІабахархьама. Шаьш СеІир-ломара бахархой
хІаллакбина бевлча, цара вовшийн байира.
[24] Яьссачу аренгара гунаш тІе а бевлла, оцу вуно
дукха долчу эскаре дІахьаьжча, яхІудхошна гира
лаьттахь Іохку декъий, шайна юкъара цхьа а
кІелхьарваьлларг а воцуш.
[25] ЯхІушапти а, цуьнан эскар а хІонс схьаэца
дахара. Царна дуккха а хьал, духар, еза хІуманаш
карийра цигахь. И хІуманаш вуно дукха хиларна,
дІа а ца яхьалора цаьрга уьш. Кхаа дийнахь
дІагулйийра цара и хІонс, оццул дукха хиллера иза!
[26] Ткъа доьалгІачу дийнахь Бархи-тогІи чохь
гулбелира уьш, хІунда аьлча цигахь Веза Эла
декъалвира цара. Цундела оцу меттигах хІинца а
олу «Бархи-тогІи» (иза «декъалваран тогІи» бохург
ду). [27] Берриге а яхІудхой а, ярушалаймхой а, шайн
коьртехь ЯхІушапти а волуш, самукъадаларца
Ярушалайме юхабирзира, хІунда аьлча Везачу Эло
церан мостагІашна тІехь толам баккхар нисдира
царна. [28] Тайп-тайпана дечиг-пондарш а, турбанаш
а лоькхуш Ярушалайме Везачу Элан цІенна тІе
баьхкира уьш. [29] Гонахарчу латтанийн ерриге а
пачхьалкхашкарчу адамашна тІе Делан кхерам
боьссира, Исраилан мостагІашна дуьхьал тІом
бинарг Веза Эла хиллийла шайна хезча.
[30] ЯхІушаптин пачхьалкх къепе хилла дІахІоьттира,
Дала массо а агІор паргІато а елира цунна.

### ЯхІушаптин паччахьаллин чаккхе

(Сулим 22:41-50)

[31] Иштта ЯхІуд-махкахь паччахьалла дира
ЯхІушаптис. ЯхІушапти паччахь дІахІуттуш цуьнан

*† 20:7 ЕшаІ-ЯхІу 41:8; Якъуба 2:23. †† 20:10 Карлабаькkхинарг 2:4-19. ‡ 20:15-17 Карлабаькkхинарг 20:1-4. ‡† 20:17 Арадаккхар 14:13, 14.*

ткъе пхийтта шо дара. Цо ткъе пхеа шарахь
паччахьалла дира Ярушалаймехь. Цуьнан ненан
цIе Iазубат яра. Иза Шилхьайн йоI яра. 32 ЯхIушапти
шен ден Асин некъахула лелаш вара. Иза цу некъа
тIера дIа а ца велира, Везачу Элан лаамехь а
лийлира. 33 Делахь а, тIехь сагIа доккху гунаш цо
дIадахаза дисина дара. Халкъо хIинца а шен дог
кхоччуш тIе ца дерзийнера шайн дайн Далла.
34 ЯхIушаптин кхидолчу гIуллакхех лаьцна –
дуьххьарлерчунна тIера тIаьхьарчунна
тIекхаччалц – яздина ду *Хьананин кIант волчу
ЯхIун дIаяздинарш* тIехь. Уьш *исраилхойн
паччахьийн тептарна* юкъа дахийтина.
35 Амма цул тIаьхьа яхIудхойн паччахьо
ЯхIушаптис Iеса лелаш волчу исраилхойн
паччахьца Ахьаз-ЯхIуца доттагIалла тесира.
36 Таршаш-махка дахийта хIордкеманаш дархьама,
Ахьаз-ЯхIуца барт бира ЯхIушаптис. Цара Iецйон-
ГIебарехь хIордкеманаш дира. 37 Цу хенахь
Мареша-гIаларчу Дода-ВахIун кIанта ЭлиIазара
ЯхIушаптига Делера болу хаам бира: «Ахьа Ахьаз-
ЯхIуца доттагIалла тесна дела, ахь кхоьллинарг
Везачу Эло дохор ду», – аьлла. ТIаккха
хIордкеманаш, доха а доьхна, Таршаше ца
дахаделира.

21 ЯхIушапти, дIа а кхелхина, шен дайх
дIакхийтира. Иза царна уллохь, Даудан
гIалахь, дIавоьллира. ЯхIушаптин метта паччахь
хилира цуьнан кIант ЯхIурам.

### ЯхIудхойн паччахь ЯхIурам

(ТIаьххьарнаш 8:17-24)

2 ЯхIушаптин кIентий болу Iазар-ЯхIу, Яхьиал,
Закри-ЯхIу, Iазар-ЯхIу, Микаал, Шапат-ЯхIу
ЯхIураман вежарий бара. Уьш берриш а
исраилхойн паччахьан † ЯхIушаптин кIентий бара.
3 Дас царна даккхий совгIаташ динера, дети а,
деши а, деза тIулгаш а луш. Иштта ЯхIуд-махкара
чIагIйина гIаланаш а еллера цо царна. Ткъа
паччахьалла дар цо ЯхIураме деллера, иза шен
дуьххьарлера кIант волу дела. 4 Шен ден метта
паччахь а хилла, цу даржехь ЯхIурам чIагIвелла
дIахIоьттича, берриг а шен вежарий а, исраилхойн
элех болу цхьаберш а туьраца байира цо.
5 ЯхIураман ткъе шийтта шо дара, иза яхIудхойн
паччахь дIахIоьттича. Цо бархI шарахь
Ярушалаймехь паччахьалла дира. 6 Иза а вара
исраилхойн паччахьаша лелийна боллу некъ
лелош, Ахьабан цIийнах берш ма-леллара, хIунда
аьлча Ахьабан йоI цуьнан зуда яра. ЯхIурама а
Везачу Элана зуламе хеташ долу гIуллакхаш
леладора. 7 ††Делахь а, Даудаца Ша бина болу барт
бахьана долуш, Даудан цIа дакъазадаккха ца
лаьара Везачу Элана. Цуьнан тIаьхьенна
гуттаренна а паччахьалла дар лур ду аьлла,
Даудана чIагIо ма йинера Везачу Эло.
8 ‡ЯхIурама паччахьалла дечу хенахь Эдоман
халкъ, ЯхIудан халкъан карара кIелхьара а долуш,
цунна дуьхьалделира. Цара шайн паччахь
дIахIоттийра. 9 ЯхIурам шен ерриге гIудалкхашца а,
шен тIеман хьаькамашца а цига вахара. Иза,
буьйсанна тIе а гIоьртина, шайна го бина болчу
эдомхошна а, гIудалкхашна тIехь болчу церан
хьаькамашна а тIелетира. 10 Эдоман халкъ
таханлерчу денна тIекхаччалц яхIудхойн карара
дIадалларх иштта Iаш ду. Оццу заманахь Либна-
гIала а яхIудхошна дуьхьалъяьллера, хIунда аьлча
ЯхIурама шен дайн Дела волу Веза Эла дIатеснера.
11 ЯхIудан лаьмнаш тIехь цIушна Iамал ян гунаш а
хIиттийна, Ярушалайман бахархой а, Делах дIа а
берзийтина, кхечу деланашца Iамал еш лелийтира
ЯхIурама. Иштта яхIудхой а Iехабалийтира цо.
12 ЯхIураме Эли-ЯхIу-пайхамарера кехат деара. Цу
тIехь аьлла дара: «Иштта боху хьан дайн да
хиллачу Даудан Дела волчу Везачу Эло: „Хьайн ден
ЯхIушаптин а, яхIудхойн паччахьан Асин а некъа
тIе валаран метта, 13 ахьа, исраилхойн паччахьийн
некъа тIе а ваьлла, яхIудхой а, ярушалаймхой а
кхечу деланашца лелийтина, Ахьабан цIийно
халкъ цIушца ма-леллийтара. Кхин а хьайн ден
цIенна тIера хьайл гIолехь болу хьайн вежарий а
байина ахьа. 14 И бахьана долуш Везачу Эло боккха
бохам бийр бу хьан халкъана а, хьан кIенташна а,
хьан зударшна а, хьан хьолана а. 15 Ткъа хьуна
хьайна а таIзар дийр ду, чIогIа цамгар а
кхетийтина, хьан кийрахь мел йолу хIума а, де
дийне мел дели, и цамгар бахьана долуш дегIах дIа
а къаьстина, охьаюжур ю“».
16 Иштта Везачу Эло пIелаштамхой а, хушахошна
уллохь бехаш болу Iаьрбихой а карзахбехира, уьш
ЯхIурамна дуьхьал бахархьама. 17 Цара, яхIудхошна
тIе а гIоьртина, чу а бахана, паччахьан цIера,
массо а хIума дIа а эцна, ЯхIураман кIентий а,
зударий а дIабигира. Цуьнан кIентех жимаха волу
цхьа Ахьаз-ЯхIу воцург, кIант ца висира ЯхIураман.
18 Цул тIаьхьа ЯхIураман кийрахь мел йолчу
хIуманна дIа ца йоьрзу цамгар туьйхира Везачу
Эло. 19 Иштта де дийне мел дели, цамгаро эшош,
кIелвитира иза. Ткъа шолгIа шо чекхдолуш, оцу
цамгаро цуьнан кийрахь мел йолу хIума цунах
дIакъастийра. Цу цамгаро къиза хьийза а вина,
ЯхIурам велира. Шен дайшна латош ма-хиллара,
ЯхIурамна лерина йоккха цIе ца латийра халкъо.
20 ЯхIурам паччахь дIахIуттуш, цуьнан ткъе
шийтта шо дара. Цо бархI шарахь Ярушалаймехь
паччахьалла дира. Цхьа а цунах велха а ца
воьлхуш, иза дIакхелхира. Паччахьийн
къуббанашкахь а ца вуллуш, Даудан гIалахь
дIавоьллира иза.

† *Исраилхойн паччахь *– билггал аьлча, ЯхIушапти яхIудхойн паччахь вара. ХIокху тептаран цхьайолчу меттигашкахь «яхIудхой» бохучу дешан метта юкъара долу «исраилхой» боху дош леладо.** †† *21:7 Сулим 11:36.*

‡ *21:8 Доладалар 27:40.*

## ЯхIудхойн паччахь Ахьаз-ЯхIу
(ТIаьххьарнаш 8:25-29; 9:21-28)

22 Ярушалайман бахархоша ЯхIураман жимаха
волу кIант Ахьаз-ЯхIу цуьнан метта паччахь
дIахIоттийра. ХIунда аьлча, уьш бехачу метте
Iаьрбихойн ардангаш а яьхкина, Ахьаз-ЯхIул
воккхах волу массо а ваша вийнера. Иштта,
яхIудхойн паччахьан ЯхIураман кIант Ахьаз-ЯхIу
паччахьалла дан волавелира. 2 Ахьаз-ЯхIу паччахь
хIоьттинчу хенахь, цуьнан ткъе ши шо † дара. Цо
цхьана шарахь Ярушалаймехь паччахьалла дира.
Цуьнан ненан цIе Iатал-ЯхIу яра. Иза исраилхойн
Iумари-паччахьан кIентан йоI яра. 3 Ахьаз-ЯхIу а
Ахьабан цIийнах болчийн некъа тIе велира, хIунда
аьлча цуьнан ненас харцахьара гIуллакхаш дарна
хьехарш дора цунна. 4 Везачу Элан лаамехь доцу
гIуллакхаш леладора Ахьаз-ЯхIус а, Ахьабан
цIийнах болчара лела ма-дарра, хIунда аьлча,
Ахьаз-ЯхIун да дIаваьлчхьана дуьйна, цуьнан
хьехамчий хилира царах. Оцу бахьаненна цунна
бохам хилла. 5 Иштта, церан хьехаршка ла а
доьгIна, исраилхойн паччахь волчу Ахьабан
кIантаца Йорамца арамхойн паччахьна Хьазиална
дуьхьал тIом бан вахара Ахьаз-ЯхIу. Иза ГалIадерчу
Рамат-гIалахь дара. Арамхоша Йорамна чов йира.
6 Иза тIамера юхавирзира, Рамат-гIалахь арамхойн
паччахьца Хьазиалца тIом бечу хенахь, шена
арамхоша йинчу чевнашна ИзраIал-гIалахь
дарбанаш леладайтархьама. Ткъа яхIудхойн
паччахь волу ЯхIураман кIант Ахьаз-ЯхIу †† а
веанера ИзраIал-гIала, цомгуш волу Ахьабан кIант
Йорам муьлхачу хьолехь ву хьажархьама.
7 Йорам волчу вар Ахьаз-ЯхIуна Делера болчу
бохамца дирзира. Ша схьавеача, иза Йорамаца
цхьаьна Везачу Эло Ахьабан цIа хIаллакдан
къобалвинчу Нимшайн кIантана ЯхIуна
дуьхьалвелира. 8 Ша Ахьабан цIенна кхел ечу
хенахь ЯхIуна яхIудхойн элий а, Ахьаз-ЯхIун
вежарийн береш а карийра цигахь. Уьш Ахьаз-
ЯхIуна хьалхара гIуллакхаш деш бара. ЯхIус уьш
байира. 9 ЯхIус Ахьаз-ЯхIу схьалахар тIедиллира.
Цара Шамран-гIалахь къайлаваьлла лелаш волу
Ахьаз-ЯхIу, схьа а лаьцна, ЯхIуна тIе а валийна,
вийра. Цара Ахьаз-ЯхIу, дIа а воьллина,
дIаверзийра, хIунда аьлча цунах лаьцна бохура:
«Иза шен дерриге а доггах Веза Эла лехначу
ЯхIушаптин кIентан кIант ма вара».
Ткъа яхIудхошна тIехь паччахьалла далур долуш
Ахьаз-ЯхIун цIийнах цхьа а стаг ца виснера.

## ЯхIудхойн зуда-паччахь йолу Iатал-ЯхIу
(ТIаьххьарнаш 11:1-3)

10 Шен кIант велла аьлла шена хезча, Ахьаз-ЯхIун
нанас Iатал-ЯхIус сацам бира, ЯхIудан цIийнан
паччахьан тIаьхьенах верг массо а хIаллакван.
11 Амма ЯхIурам-паччахьан йоIа ЯхIу-ШебаIата
Ахьаз-ЯхIун кIант Юаш, паччахьан байа дезачу
кIенташна юкъара схьа а эцна, дIавигира. И кIант
а, иза вакхош йолу зуда а дIавуьжучу цIа чу дигира
цо. Цу тайпана динан ден ЯхIу-ЯдаIан зуда а,
ЯхIурам-паччахьан йоI а йолу, Ахьаз-ЯхIун йиша а
йолчу ЯхIу-ШебаIа Iатал-ЯхIух къайлаваьккхира
Юаш. Цундела цо иза ца вийра. 12 Ялх шарахь,
Iатал-ЯхIус цу махкахь паччахьалла деш йолчу
хенахь, оцу нахаца цхьаьна Делан цIийнан кертахь
къайлаваьккхина латтийра иза.

## Халкъ Iатал-ЯхIуна дуьхьалдалар
(ТIаьххьарнаш 11:4-16)

23 Iатал-ЯхIус паччахьалла до ворхIалгIа шо
долуш, *динан да* волу ЯхIу-ЯдаI, чIагI а велла,
тIеман хьаькамашца берта вахара. Уьш бара:
Ярохьаман кIант Iазар-ЯхIу, ЯхIу-Хьанин кIант
ИсмаьIал, Iабадин кIант Iазар-ЯхIу, Iади-ЯхIун кIант
МаIсей-ЯхIу, Зикрин кIант Эли-Шапти. 2 Берриге а
ЯхIуд-махкахула чекх а бевлла, массо а яхIудхойн
гIаланашкара левихой а, Исраилан доьзалийн
баьччанаш а дIа а гулбина, уьш Ярушалайме
баьхкира.
3 ‡Схьагулбеллачу массара а *Делан цIа* чохь
къоначу паччахьца барт бира. ЯхIу-ЯдаIа цаьрга
элира: «Везачу Эло Даудан тIаьхьенах лаьцна
аьлла ма-хиллара, паччахьан кIант паччахь хила
веза. 4 Ткъа аша хIара дан деза: шоьтан дийнахь
Делан цIийнан кертахь гIуллакх дан богIуш болу
динан дай а, левихой а кхаа декъе бекъалур бу.
Царах цхьа дакъа кертан кевнашна уллохь
гIаролхой хир бу, 5 шолгIа дакъа – паччахьан цIахь,
кхоалгIа дакъа – Бух олучу кевнехь, ткъа дерриг а
халкъ Везачу Элан цIийнан кертахь хир ду. 6 Динан
дай а, гIуллакх деш болу левихой а боцурш, кхин
цхьа а Везачу Элан цIа чу ма валийта. Церан чу
баха бакъо ю, уьш базбина болу дела. Ткъа дерриге
а халкъ Везачу Эло тIедиллинчуьнца лела деза.
7 Левихоша, шайн карахь герз а долуш, паччахьна
массо а агIор, ха а деш, го бе. Везачу Элан цIа чу
вала мел гIертарг вийна дIаваккхалаш. Шу
паччахьна уллохь хилалаш, иза миччахьа воьдуш
велахь а».
8 Динан дас ЯхIу-ЯдаIа де аьлларг дерриг а
кхочушдира левихоша а, берриге а яхIудхоша а.
Цара хIораммо а шоьтан дийнахь схьабогIу а,
мукъабовлу а гIаролхой шаьш долчу схьагулбира,
хIунда аьлча динан дас ЯхIу-ЯдаIа хийцабелла
гIаролхой дIа ца бахийтира. 9 Делан цIа чохь
лаьтташ долу Дауд-паччахьан хилла гоьмукъаш а,

† *Грекийн гочдар тIехь: *ткъе ши шо. *Iебархойн тептар тIехь: *шовзткъе ши шо. *ДIадеша тептар «ТIаьххьарнаш» 8:26.**
†† *Iебархойн тептар тIехь: *Iазар-ЯхIу. *Грекийн гочдар тIехь: *Ахьаз-ЯхIу.**

‡ *23:3 Дауд 7:12.*

кегий а, даккхий а турсаш а динан дас ЯхӀу-ЯдаӀа
гӀаролхойн хьаькамашна дӀасадийкъира. 10 Дерриг
а халкъ, шайн карахь герз а долуш, паччахьна
гонах дӀахӀоттийра динан дас – Делан цӀенна
къилберачу агӀонна тӀера къилбаседерачу агӀонна
тӀекхаччалц, сагӀа доккхучу кхерчана уллохь а,
Делан цӀенна уллохь а. 11 ЯхӀу-ЯдаӀа а, цуьнан
кӀенташа а, паччахьан кӀант ара а ваьккхина,
цунна тӀе *таж* а диллира, паччахьалла дарх лаьцна
болу хьехамаш шена тӀехь язбина тептар а
дӀаделира. ТӀаккха иза, паччахь дӀахӀотто, даьтта
тӀе доттарца къобалвира. Наха маьхьарий
хьоьккхура: «Вехийла паччахь!», – бохуш.
12 Паччахьна хастамаш а беш, дедда догӀучу
халкъан аьзнаш шена хезча, Ӏатал-ЯхӀу Везачу
Элан цӀенна юххехь лаьттачу нахана тӀеяхара.
13 ДӀахьаьжча, шен бӀогӀамна уллохь, Делан цӀенна
чу воллучохь, лаьтташ волу паччахь гира Ӏатал-
ЯхӀуна. Паччахьна уллохь лаьтташ хьаькамаш а,
турба локхуш берш а бара. Цу махкахь долу дерриг
а халкъ, самукъане а дара, цара лоьккхуш турбанаш
а яра. Иштта илланчаш а бара шайн зурманийн
гӀирсашца хастамаш бечарна тӀехь куьйгалла деш.
Ӏатал-ЯхӀус, шен тӀехулара бедарш этӀа а йина, мохь
хьаьккхира: «Ямартло йина! Ямартло йина!» – аьлла.
14 Динан дас ЯхӀу-ЯдаӀа, эскаран хьаькамаш болу
гӀаролхой тӀе а кхайкхина, цаьрга элира: «Иза
могӀаршна юкъара дӀаяккха, ткъа цунна
тӀаьхьахӀуьттурш туьраца байа». ХӀунда аьлча
динан дас аьллера: «Везачу Элан цӀийнан кертахь
ма ейта иза».
15 Паччахьан цӀенна уллохь йолчу Говрийн Керта
иза схьакхаьчча, церан буьйна яхара иза. Цигахь
цуьнан са даьккхира цара.

### Динан дас ЯхӀу-ЯдаӀа дина юхаметтахӀиттораш
(ТӀаьххьарнаш 11:17-20)

16 ТӀаккха ЯхӀу-ЯдаӀа шена а, халкъана а,
паччахьна а юкъахь барт бира, шаьш Везачу Элан
долахь долу халкъ хилийтархьама. 17 Дерриге а
халкъо, БаӀал-харцделан цӀа а дахана, и цӀа
дохийра. Цара БаӀалан сагӀа доккху кхерчаш а,
цӀуш а бохийна дӀабехира. Иштта БаӀалан динан да
волу Матани а вийра цара сагӀа доккхучу
кхерчашна хьалха. 18 ТӀаккха ЯхӀу-ЯдаӀа левихойн
тайпанах болу динан дай къобалбира, Везачу Элан
цӀийнаца доьзна долу гӀуллакхаш дарна тӀехь
цаьрга куьйгалла дайтархьама, иза Дауд-паччахьо
дӀахӀоттийна ма-хиллара. Уьш Мусан товрат-
хьехамаш тӀехь яздина ма-хиллара дӀахӀиттийнера,
Дауда тӀе-ма-диллара даккхийдерца а, эшарш
лекхарца а Везачу Элана хаза хьожа йогӀу
хӀуманаш ягорхьама. 19 Далла гергахь муьлххачу
бахьаненна а цӀена воцург чу ца вахийта, Везачу
Элан цӀийнан кевнашка гӀаролхой дӀахӀиттийра
ЯхӀу-ЯдаӀа.
20 Динан дас, шеца тӀеман хьаькамаш а, лоруш
болу нах а, халкъана тӀехь куьйгалла деш берш а,
махкара дерриг а халкъ дуьгуш, Юаш-паччахь
Везачу Элан цӀийнера дӀавигира. Цара иза,
лакхарчу кевнехула чекх а ваьккхина, паччахьан
цӀа а вигина, паччахьан гӀанта тӀе охьахаийра.
21 Махкара дерриг а халкъ самукъадаьлла дара,
гӀала синтеме яра, хӀунда аьлча Ӏатал-ЯхӀу, тур а
тоьхна, йийнера.

### ЯхӀудхойн паччахь Юаш
(ТӀаьххьарнаш 12:1-16)

24 Юашан ворхӀ шо дара, иза паччахь
дӀахӀоьттича. Цо шовзткъа шарахь,
Ярушалайм-гӀалахь Ӏаш а волуш, паччахьалла
дира. Цуьнан ненан цӀе ЦивъяхӀу яра. Иза Беар-
ШабаӀ-гӀалара яра. 2 *Динан да* ЯхӀу-ЯдаӀ вехачу
ханна Везачу Элана нийса хеташ дерг леладора
Юаша. 3 ЯхӀу-ЯдаӀа Юашана ши зуда ялийра. Цара
кӀентий а, йоӀарий а бира цунна.
4 Цул тӀаьхьа Везачу Элан цӀа карладаккхар
дагатесира Юашана. 5 Юаша, динан дай а, левихой
а схьа а гулбина, цаьрга элира: «ЯхӀуд-махкахь
бехачу исраилхошкара хӀора шарахь шайн Делан
цӀенна лерина дети схьагулде. Оцу гӀуллакхан сихо
а е». Амма левихой и гӀуллакх кхочушдан сих ца
белира. 6 †ТӀаккха паччахьо, царна коьртехь волу
ЯхӀу-ЯдаӀ шена тӀе а кхайкхина, цуьнга элира: «Ахьа
левихошка кхочуш хӀунда ца дойту Везачу Элан
ялхо волчу Мусас а, исраилхойн гуламо а
тӀедиллина долу гуламан цӀенна лерина ЯхӀуд-
мехкан а, Ярушалайман а халкъера йогӀу ял
схьаэцар?»
7 ХӀунда аьлча оцу Ӏесачу Ӏатал-ЯхӀус а, цуьнан
кӀенташа а, *Делан цӀа* чу а лилхина, даздина долу
массо а хӀума БаӀал-харцделанашна Ӏамал ярна
дӀаделлера.
8 Паччахьан омрица цхьа гӀутакх дира. Иза
арахьа, Везачу Элан цӀийнан керта чу воьдучохь,
охьадиллира. 9 ТӀаккха ЯхӀуд-махкахь а,
Ярушалаймехь а Делан ялхо волчу Мусас яьссачу
аренгахь исраилхошна тӀедиллина долу Везачу
Элана лерина ял яла езарх лаьцна дӀакхайкхийра.
10 Халкъан хьаькамаша а, доллучу халкъо а иза
хазахетарца тӀеийцира. Цара, схьа а дахьаш, ахча
тосура оцу гӀутакх чу, иза хьаладуззалц. 11 И гӀутакх
левихошкахула паччахьан гӀуллакх деш болчарна
тӀекхоьхьура. ТӀаккха, цу чохь ахча дуккха а
гулделла гича, паччахьан йозанчо а, коьрта динан
ден векало а, схьа а вогӀий, и ахча дӀаоьцура. Ткъа
гӀутакх, дӀа а хьой, шен метте охьадуьллура. И
къепе цара хӀора дийнахь кхочуш а деш, дуккха а
ахча гулдора.
12 Паччахьо а, ЯхӀу-ЯдаӀа а и ахча Везачу Элан цӀа
нисдаран белхаш тӀехь куьйгалла деш болчу нахе
дӀалора. Ткъа цара тӀулг хьоккхурш а, дечигпхьераш
а тӀелоцура, цаьрга Везачу Элан цӀа
чӀагӀдайтархьама. Иштта аьчка а, цӀестан а
пхьераш лоцура цара Везачу Элан цӀа

† *24:6 Арадаккхар 30:11-16.*

чIагIдархьама. [13] И белхаш кхочушбеш болчара
чIогIа къа а хьоьгура, церан куьйгашца
меттахIоттош беш болу болх кхиамца дIа а
боьдура. Делан цIа цара дуьххьарлерчу барамашца
юхаметтахIоттийра, иза кхин а чIагI а деш.
[14] Дерриге а гIуллакхаш дина чекхдевлча, дисина
ахча паччахье а, ЯхIу-ЯдаIе а дIаделира цара. Оцу
ахчанах Везачу Элан цIа чу дIахIитто пхьегIаш
яйтира. Иштта Везачу Элана гIуллакх дан лерина
пхьегIаш а, дийнаташ дагоран сагIанаш дахарна
лерина пхьегIаш а, кедаш а, кхийолу дашо а, дато а
пхьегIаш яйтира.

### Юашан юхавалар а, арамхой тIелатар а

ЯхIу-ЯдаI вехаш мел хиллачу хенахь, Везачу Элан
цIийнан кертахь хIора дийнахь даим дийнаташ
дагоран сагIанаш дохура. [15] ЯхIу-ЯдаI, къан а велла,
тоъал дуьне а диъна, велира. Иза лечу хенахь,
цуьнан цхьа бIе ткъе итт шо дара. [16] Иза
паччахьашна уллохь Даудан гIалахь дIавоьллира,
цо Исраил-махкахь Далла а, Цуьнан цIенна а
лерина дика бахьана долуш.
[17] Ткъа ЯхIу-ЯдаI велча, яхIудхойн элий, тIе а
баьхкина, паччахьна хьалха лохха охьатаьIира.
ТIаккха паччахь цара бохучунна тIетайра. [18] Цара
шайн дайн Дела волчу Везачу Элан цIа дIатесира.
Ашера-далла лерина болчу дечиган бIогIамна а,
цIушна а *Ибадат дан* буьйлабелира уьш. Церан и
бехк бахьана долуш Веза Эла оьгIазвахара ЯхIуд-
мехкан а, Ярушалайман а бахархошна. [19] Везачу
Эло пайхамарш бохуьйтура оцу нахана тIе, уьш
Шегахьа схьаберзийтархьама. Пайхамарша халкъе
дIахьедар дора, амма халкъо цаьрга ла ца дугIура.
[20] †Юха динан ден ЯхIу-ЯдаIан кIантана Закри-
ЯхIуна тIе доьссинчу Делан Синан ницкъо
дIахьулвира иза. Цо халкъана хьалха, дIа а
хIоьттина, элира: «Иштта боху Дала: „ХIунда довлу
шу Везачу Эло тIедиллинчунна тIера? Хир бац шун
кхиам. Аша Веза Эла дIатасаре терра, Цо а дIатосур
ду шу“». [21] Цара, Закри-ЯхIуна дуьхьал барт а бина,
паччахьан омрица Везачу Элан цIийнан кертахь
цунна тIе тIулгаш кхиссира. [22] Юаш-паччахьна дага
ца деара Закри-ЯхIун дас ЯхIу-ЯдаIа шена дина
долу дика. ЯхIу-ЯдаIан кIант вийра цо. Закри-ЯхIус
ша лечу хенахь элира: «Везачу Элана хIара дIа а
гойла, Цо хьо жоьпе а озавойла!»

### Юаша динчу паччахьаллин чаккхе

[23] Керла шо дIадоладелча, арамхойн эскар,
Юашана дуьхьал а даьлла, ЯхIуд-махка а,
Ярушалайме а чудеара. Цара халкъана юкъара
мехкан баьччанаш хIаллакбира. Иштта цаьргара
шаьш схьаяьlккхина хIонс Дамасакхе паччахьна
дIаяхьийтира. [24] Арамхойн эскарехь дукха адам ца
хиллехь а, Везачу Эло церан кара дIаделлера дикка
ницкъ болу эскар. Юашана кхел йинера, яхIудхоша
шайн дайн Дела волу Веза Эла дIатесна дела.
[25] ЧIогIа чов хилла волу Юаш Iад а витина,
арамхой дIабахара. Ткъа динан ден ЯхIу-ЯдаIан
кIант верна ††, бекхам а беш, Юашана дуьхьал барт
бира цуьнан ялхоша. Цара иза шен меттахь
Iуьллучохь вийра. Юаш велира. Иза Даудан гIалахь
дIавоьллира. Амма иза паччахьийн
къуьббанашкахь дIа ца воьллира. [26] Юашана
дуьхьал барт бинарш бара: Iамминхо йолчу
ШимIатан кIант Забад а, муабахо йолчу Шимратан
кIант ЯхIу-Забди а. [27] Юашан кIентех а, цунна
дуьхьал дукхазза а аьлла хиллачу Делера хаамех а,
Делан цIа юхаметтахIотторах а лаьцна долчух
яздина ду *Паччахьийн тептаран хьехам* тIехь.
Юашан метта цуьнан кIант Амци-ЯхIу паччахь
хилла дIахIоьттира.

### ЯхIудхойн паччахь Амци-ЯхIу

(ТIаьхххьарнаш 14:2-6)

25 Амци-ЯхIун ткъе пхи шо дара, иза паччахь
дIахIоьттича. Ярушалаймехь Iаш а волуш, цо
ткъе исс шарахь паччахьалла дира. Амци-ЯхIун
ненан цIе ЯхIу-Iаднат яра. Иза Ярушалаймера яра.
[2] Амци-ЯхIус Везачу Элана нийса хеташ долу
гIуллакхаш дора, амма доггах кхочуш ца дора цо
иза. [3] Паччахьалла шен карадирзина даьлча, цо
паччахь хилла волу шен да вийна болу хьаькамаш
байира. [4] ‡Амма Мусан тептар долчу товрат-
хьехамашна тIехь яздинчуьнга хьаьжжина, церан
бераш ца дайира Амци-ЯхIус, хIунда аьлча цигахь
Везачу Эло, весет а деш, аьллера: «Бераша
далийтина зулам бахьанехь церан дайша валаран
таIзар такха ца деза. Иштта шайн дайша далийтина
зулам бахьанехь бераша а валаран таIзар такха ца
деза. Амма хIораммо а, даьлла зулам бахьана
долуш, валаран таIзар ша такха деза».

### Эдом-махкаца бина тIом

(ТIаьхххьарнаш 14:7)

[5] Амци-ЯхIус, яхIудхой схьа а гулбина, ЯхIуд-
тайпанан а, Бен-Яман-тайпанан а гаранашца уьш
бекъа а бекъна, эзарнийн а, бIеннийн а
куьйгалхойн кара дIабелира. ТIаккха царна юкъара
ткъа шо а, цул сов а хан ерш багарбира цо. Царна
юкъахь кхо бIе эзар тоьлла волу, карахь *гоьмукъ* а,
*турс* а лелалур долу тIемалой карийра цунна.
[6] Исраилхошна юкъара, ши бIе пунт дети а делла,
кхин а доьналла долу цхьа бIе эзар тIемало а
лецира Амци-ЯхIус. [7] Эццахь Амци-ЯхIу волчу
Делан стаг веара. Цо элира: «Паччахь! Исраилхойн
эскар ма дига хьайца, хIунда аьлча оцу Эпрайман
кIентий болчу исраилхошца Веза Эла вац. [8] Нагахь
ахьа, эскар а дигна, майрра тIом бахь а, Дала хьан

† *24:20, 21 Маттай 23:35; Лака 11:51.*

†† *Грекийн гочдар тIехь: *ЯхIу-ЯдаIан кIант верна. *Iебархойн тептар тIехь: *ЯхIу-ЯдаIан кIентий берна.** ‡ *25:4 Карлабаькккхинарг 24:16.*

мостагIашна хьалха вожор ву хьо, хIунда аьлча
Делехь бу хьуна гIо дан а, хьо вожо а ницкъ».
9 Амци-ЯхIус Делан стаге элира: «Ткъа айса
исраилхойн эскарна деллачу ши бIе пунт детих
хIун дан деза аса?»
Делан стага элира: «Везачу Элан ницкъ бу хьуна
цул сов дала а». 10 Амци-ЯхIус Эпрайм-махкара ша
волчу деана эскар дIакъастийра, иза шен цIа
дIадахийтархьама. ТIаккха, яхIудхошна чIогIа
оьгIаз а бахана, дар а белла, уьш шайн цIа
дIабахара.
11 Ткъа Амци-ЯхIус, майра а ваьлла, шен эскар
Дуьра-тогIи олучу метте дигира. Цигахь СеIир-
ломарчу эдомхойх итт эзар стаг хIаллаквира цо.
12 Царах дийна висина итт эзар стаг йийсаре вигира
цара. Уьш, тархана боххье а баьхна, цу тIера
чукхиссира яхIудхоша. Берриш а, атабелла,
дIабевлира уьш.
13 Ткъа Амци-ЯхIус, шеца тIаме а ца дуьгуш,
юхадерзийна долчу эскаро ЯхIуд-махкахь Шамран-
гIалара дуьйна Байт-Хьорон-гIалина тIекхаччалц
йолу меттигаш яссийна дIаехира. Цигахь кхо эзар
стаг а вийна, шайна дуккха а хIонс дIаяьхьира
цара.
14 Эдомхошна тIехь толам а баьккхина, Амци-
ЯхIус СеIир-laьмнийн бахархойн *цIу-деланаш* схьа
а беана, уьш ша волчохь дIахIиттийра. Цо царна
Iибадат а дора, царна лерина *хаза хьожа йогIу
хIума* а ягайора. 15 Веза Эла чIогIа оьгIазвахара
Амци-ЯхIуна. Цо пайхамар вахийтира цунна тIе.
Пайхамаро Амци-ЯхIуга элира: «Шаьш-шайн халкъ
хьан куьйга кIелара дIа ца даккхаделлачу, оцу
къоман деланех дага хIунда волу те хьо?»
16 Пайхамаро шега аьллачунна дуьхьал паччахьо
жоп делира: «Хьо ву ткъа паччахьан хьехамча
хIоттийна? ДIасаца, хьо ца вейтархьама».
Пайхамаро, дIа а соцуш, элира: «Суна хаьа ахьа и
гIуллакх дарна а, сан хьехаме ла ца догIарна а Дала
хьо вен сацам бинийла».

## Исраил-махкаца бина тIом
(ТIаьххьарнаш 14:8-20)

17 ЯхIудхойн паччахьо Амци-ЯхIус, хьехамчех дага
а ваьлла, исраилхойн паччахь волчу ЯхIун кIентан
ЯхIу-Ахьазан кIантана ЯхIуашана тIе геланчаш
бахийтира, иштта дIаала аьлла: «Ара а валий,
юьхь-дуьхьал хIотта вайшиъ». 18 Ткъа исраилхойн
паччахьо ЯхIуаша яхIудхойн паччахьна Амци-
ЯхIуна жоп делира: «Ливанун-махкарчу коканийн
кулло Ливанун-махкарчу баганан диттана тIе, нах а
бахийтина: „Хьайн йоI сан кIанте маре яийтахьа“, –
аьлла. Амма Ливанун-махкара экха схьа а деана, цо
и коканийн колл дIахьаьшна. 19 Ахьа боху: „Аса
эдомхошна тIехь толам баьккхина“. Ткъа хIинца
айхьа и толам баьккхина аьлла, хьан дог
курадаьлла. Цул хьайн цIахь Iе хьо. Хьайна бохам
хIунда лоьху те ахьа? ТIаккха хьо а хIаллаквийр
вара, хьоьца ЯхIуд-мохк а хIаллакбийр бара».
20 Амма Амци-ЯхIус шега бохучуьнга ла ца
дуьйгIира, хIунда аьлча иза Дала динера, уьш
эдомхойн деланашкахьа бирзина дела, ЯхIуашан
кара дIабалархьама. 21 ТIаккха исраилхойн паччахь
ЯхIуаш яхIудхойн паччахьна Амци-ЯхIуна
дуьхьалвелира. И шиъ тIамца ЯхIуд-махкарчу Байт-
Шамаш олучу гIалахь дуьхь-дуьхьал кхийтира.
22 Исраилхоша яхIудхойн эскар дохийра. ТIаккха
эшнарш шайн-шайн цIа дIасабевдира. 23 Байт-
Шамашехь исраилхойн паччахьо ЯхIуаша
яхIудхойн паччахь волчу Ахьаз-ЯхIун кIентан
Юашан кIант Амци-ЯхIу схьалецира. ТIаккха
ЯхIуаша, иза Ярушалайме дIа а вигина, цигарчу
Эпрайман кевнера дуьйна Сонехь долчу кевнна
тIекхаччалц диъ бIе дол барамехь болу
Ярушалайман пен бохийра. 24 *Делан цIа* чуьра
Iабади-Эдоман карахь долу дерриге а деши, дети,
ерриге а пхьегIаш дIаяьхьира ЯхIуаша. Иштта
паччахьан ерриге а еза хIуманаш а дIа а хьош,
лечкъийна, царах хIума яккха дагахь, шеца адамаш
а дуьгуш, Шамран-гIала юхавирзира иза.
25 ЯхIудхойн паччахь волчу Юашан кIант Амци-
ЯхIу исраилхойн паччахь хилла волу ЯхIу-Ахьазан
кIант ЯхIуаш веллачул тIаьхьа пхийтта шарахь
вехира. 26 Амци-ЯхIун кхидолчу гIуллакхех льцна –
дуьххьарлерчунна тIера тIаьхьарчунна
тIекхаччалц – яздина ду *ЯхIудхойн а, исраилхойн а
паччахьийн тептар* тIехь. 27 Амци-ЯхIу Везачу Элах
дIавирзинчул тIаьхьа, Ярушалаймехь цунна
дуьхьал ямартлонца барт бира. Иза Лахиш-гIала
ведда дIавахара. ТIаккха, цунна тIаьхьа Лахиш-
гIала нах а бахийтина, Амци-ЯхIу цигахь вийра.
28 Амци-ЯхIун дакъа, говрашца схьа а деана, шен
дай дIабоьхкинчу ЯхIуд-мехкан коьртачу гIалахь
дIадоьллира.

## ЯхIудхойн паччахь Iузи-ЯхIу
(ТIаьххьарнаш 14:21, 22; 15:1-7)

26 ТIаккха яхIудхойн массо а халкъо ялхитта шо
кхаьчна волу Iузи-ЯхIу †, шен ден метта,
паччахь а вина, дIахIоттийра. 2 Iузи-ЯхIу вара шен
да Амци-ЯхIу-паччахь, дIа а кхелхина, шен дайх
дIакхеттачул тIаьхьа, Элат-гIала метта а хIоттийна,
иза ЯхIудан халкъана юхаерзийнарг.
3 Iузи-ЯхIун ялхитта шо дара, иза паччахь
дIахIуттуш. Ярушалаймехь Iаш а волуш, цо
шовзткъе шийтта шарахь паччахьалла дира. Iузи-
ЯхIун ненан цIе Яхул-ЯхIу яра. Иза Ярушалаймера
яра. 4 Шен дас Амци-ЯхIус лела мел динарг санна,
Iузи-ЯхIус а леладора Везачу Элана нийса хетарг.
5 Деле болчу ларамах дуьзна хила дезар хьехна
волу Закри-ЯхIу волчу заманахь Iузи-ЯхIу Дела
лоьхуш лелара. Везачу Элехьа вирзина иза мел
лела, Дала цуьнан аьтто болуьйтура.
6 Iузи-ЯхIус, ара а ваьлла, пIелаштамхошца тIом
бира. Гати-гIалин а, Ябни-гIалин а, Ашдод-гIалин а,

† *Iузи-ЯхIу *– кхечу тептарш тIехь иза кхин а Iазар-ЯхIу цIе йолуш ву.**

пенаш доха а дина, Ашдод-махкахь а,
пIелаштамхой бехачохь а гIаланаш дIахIиттийра
цо. 7 ПIелаштамхошна а, Гур-БаIалехь бехачу
Iаьрбихошна а, маIунхошна а дуьхьал тIом бан гIо
дора Дала Iузи-ЯхIуна. 8 Iамминхоша Iузи-ЯхIуна ял
лора. Мисар-мехкан дозанна тIекхаччалц а цIе
яханера цуьнан, хIунда аьлча иза дикка ницкъ
болуш дIахIоьттинера.
9 Ярушалаймерчу пенан Сонехь долчу кевнна а,
ТогIин кевнна тIехь а, АгIонна тIехь долчу кевнна
тIехула а бIаьвнаш яйтира Iузи-ЯхIус. ТIаккха и
бIаьвнаш чIагIъяйтира цо. 10 Яьссачу аренгахь а
бIаьвнаш дIахIиттийра цо. Иштта дуккха а гIунаш
яхийтира цо, хIунда аьлча дуккха а жаш а,
бажанаш а дара цуьнан акъарешкахь а, шерачу
аренгахь а. Лаьмнашкахь а, Кармал-лома тIехь а
латталелорхой а, кемсашлелорхой а бара Iузи-
ЯхIун, цунна латта дукхадезарна.
11 Iузи-ЯхIун доккха эскар дара. Иза цхьацца
эскаран тобанашца тIаме арадолура. Уьш, багар а
бина, тептар тIехь дIаязбинера йозанча волчу
ЯIиала а, тхьамда волчу МаIсей-ЯхIус а. И шиъ
паччахьан хьаькамех цхьаъ волчу Хьанан-ЯхIун
куьйга кIел лелара. 12 Эскаран тIемалошна тIехь
хIоттийна доьзалийн хьаькамаш бара. Уьш
верриге а ши эзар ялх бIе стаг вара. 13 Доьзалийн
оцу хьаькамийн куьйгаллехь эскар дара,
мостагIчунна дуьхьал тIом бечу хенахь паччахьна
гIо дан. Эскарна чувогIура тIом балуш волу а,
доьналла долу а кхо бIе ворхI эзар пхи бIе стаг.
14 Оцу дерриге а эскарна лерина Iузи-ЯхIус тIеман
гIирс кечбайтира: турсаш, гоьмукъаш, гIемаш,
гIаьгIнаш, секхаIедаш, ширдолаган тIулгаш.
15 Ярушалаймехь говзаллица бина гIирсаш байтира
цо. Уьш гIалин пенан бIаьвнаш тIехь а, сенаш тIехь
а дIахIиттийнера, пхерчий а, даккхий тIулгаш а
кхиссархьама. Цуьнан цIе геннарчу мехкашкахь а
йоккхура, хIунда аьлча, тамашийначу тайпана гIо а
хилла, ницкъ болуш дIахIоьттинера иза.

## Кураваларна Iузи-ЯхIуна дина таIзар

16 Ша ницкъ а болуш дIахIоьттича, Iузи-ЯхIун дог
шена бохамна кураделира. Шен Везачу Далла
дуьхьал къа латийра цо, хIунда аьлча иза ша
чувелира Везачу Элан цIа чу, цу чохь *хаза хьожа
йогIу хIума* ягорхьама. 17 *Динан да* Iазар-ЯхIу а,
цуьнца Везачу Элан тоьлла волу везткъа динан да
а вахара паччахьна тIаьхьахIоьттина. 18 †Цара, Iузи-
ЯхIу-паччахьна дуьхьало а йина, цуьнга элира:
«Iузи-ЯхIу, ахьа яго ца еза Везачу Элана лерина
хаза хьожа йогIу хIума. Иза оцу гIуллакхна
къобалвинчу АхIаронан тIаьхьенах болчу динан
дайн гIуллакх ду. Аравала *Делан цIа* чуьра, хIунда
аьлча ахьа къа латийна, ткъа иза Везачу Элана
гергахь хьан сийнна хир дац».
19 Iузи-ЯхIу чIогIа оьгIазвахара. Ткъа цуьнан
карахь яра хаза хьожа йогIу хIума чохь ягош йолу
пхьегIа. ТIаккха, иза динан дайшна оьгIазвахча,
цуьнан хьаж тIехь дIа ца йоьрзу *чкъуран цамгар*
гучуелира. Иза хилира динан дайшна хьалхххахь,
Везачу Элан цIа чохь, хаза хьожа йогIу хIума ягочу
кхерчана уллохь. 20 Коьрта динан да волу Iазар-ЯхIу
а, берриге а динан дай а Iузи-ЯхIуга дIахьаьжча,
царна цуьнан хьаж тIе даьлла чкъуран цамгаран
даI гира. Цара паччахь араваккха хьовзийра, ткъа
иза-м ша а вара аравала сихвелла, шена Везачу
Эло таIзар дина дела.
21 Ша велла дIаваллалц и цамгар текхира Iузи-
ЯхIус. Везачу Элан цIийнах дIа а къастийна,
къаьсттина лаьттачу цIа чохь Iийра иза. Ткъа
паччахьан кIанта Йовтама паччахьан цIенна тIехь
куьйгалла а дора, мехкан халкъана тIехь урхалла а
дора.
22 Iузи-ЯхIун кхидолчу гIуллакхех лаьцна –
дуьххьарлерчунна тIера тIаьхьарчунна
тIекхаччалц – яздина Амосан кIанта ЕшаI-ЯхIу-
пайхамаро. 23 ††Iузи-ЯхIу, дIа а кхелхина, шен дайх
дIакхийтира. Царна уллохь иза паччахьийн
къуббанийн аренгахь дIавоьллира, хIунда аьлча
цунах лаьцна олура: «Цунна дIа ца йоьрзу чкъуран
цамгар кхетта». Iузи-ЯхIун метта паччахь
дIахIоьттира цуьнан кIант Йовтам.

## ЯхIудхойн паччахь Йовтам

(ТIаьххьарнаш 15:32-38)

27 Йовтаман ткъе пхи шо дара, иза паччахь
дIахIоьттича. Йовтама ялхитта шарахь
паччахьалла дира Ярушалаймехь. Цуьнан ненан
цIе Яруша яра, иза ЦIадукъин йоI яра. 2 Шен дас
Iузи-ЯхIус ‡ санна, Йовтама Везачу Элана нийса
хеташ дерг леладора. Амма Везачу Элан цIа чу ца
волура иза. Ткъа халкъо кхидIа а къинош летадора.
3 Везачу Элан цIийнан кертара Лакхара ков
юхаметтахIоттийнарг Йовтам вара. Иштта Iупал-гу
болчу пенна тIехь а дуккха а кхиболу чIагIдаран
белхаш байтира цо. 4 ЯхIуд-махкарчу лам тIехь
гIаланаш а, хьаннашкахь гIепаш а, бIаьвнаш а
дIахIиттаяйтира Йовтама. 5 Iамминхойн паччахьца
тIом а бина, уьш эшийра цо. Цу шарахь йолана ши
бIе пунт дети а, шовзткъе итт эзар гали кIа а,
шовзткъе итт эзар гали мукх а белира Iамминхоша
Йовтамна. Изза дора Iамминхоша шолгIачу а,
кхозлагIчу а шерашкахь а. 6 Йовтаман иштта ницкъ
бара, цо шен Везачу Далла хьалха нийса некъаш
лелош хилла дела. 7 Йовтаман кхидолчу гIуллакхех
лаьцна – цо мел бинчу тIамах а, цуьнан леларх а
лаьцна – яздина ду *Исраилхойн а, яхIудхойн а
паччахьийн тептар* тIехь. 8 Йовтаман ткъе пхи шо
дара, иза паччахь дIахIоьттича. Цо ялхитта шарахь
паччахьалла дира Ярушалаймехь. 9 ТIаккха
Йовтам, дIа а кхелхина, шен дайх дIакхийтира.
Даудан гIалахь дIавоьллира иза. Йовтаман метта
паччахь дIахIоьттира цуьнан кIант Ахьаз.

† *26:18 Арадаккхар 30:7, 8; Лелар 3:10.*

†† *26:23 ЕшаI-ЯхIу 6:1.* ‡ *Iузи-ЯхIу *– кхечу тептарш тIехь иза кхин а Iазар-ЯхIу цIе йолуш ву.**

### ЯхIудхойн паччахь Ахьаз
(ТIаьххьарнаш 16:1-4)

28 Ахьазан ткъа шо дара, иза паччахь
дIахIоьттича. Цо Ярушалаймехь ялхитта
шарахь паччахьалла дира. Ша схьаваьллачу
Даудах терра а ца лелаш, Везачу Элана нийса
хеташ долу гIуллакхаш ца леладора Ахьаза. 2 Ахьаз
а вара исраилхойн паччахьаша лелийна боллу
некъ лелош. Ур-атталла БаIал-харцдалла Iибадат
дарна а цIуш боттийтира цо. 3 Бен-ХIинам-тогIи
чохь *хаза хьожа йогIу хIума* а ягайойтура, шен
кIентий цIерах чекх а бохуьйтура Ахьаза, Везачу
Эло исраилхошна юкъара дIалелхийначу
къаьмнаша мел лелийна дегаза гIуллакхаш а
лелош. 4 Гунаш тIехь а, баьрзнаш тIехь а,
муьлххачу а IиндагI луш долчу диттана кIел а сагIа
а доккхура, хаза хьожа йогIу хIума а ягайора
Ахьаза.

### ЯхIудхоша Сирин а, Исраилан а мехкашца бина тIом
(ТIаьххьарнаш 16:5)

5 †Цу бахьаненна Ахьазан Везачу Дала иза
арамхойн паччахьан кара дIавелира, ткъа вукхо
боккха толам баьккхира цуьнан эскарна тIехь.
Дуккха а яхIудхой, йийсар а дина, Дамасакхе
дIабигира арамхоша. Иштта Ахьаз а исраилхойн
паччахьан кара дIавелира, исраилхоша а боккха
толам баьккхира цуьнан эскарна тIехь. 6 ЯхIудхойн
доьналла долу цхьа бIе ткъа эзар тIемало цхьана
дийнахь тоьхна охьавиллира исраилхойн паччахь
волчу Рамли-ЯхIун кIанта Пикххахьис. Иза хилира
яхIудхоша шайн дайн Дела волу Веза Эла дIатесна
дела. 7 Ткъа эпраймхойн тIемалошна юкъара волчу
Зикрас паччахьан кIант МаIсей-ЯхIу а, паччахьан
цIентIехь хьаькам волу Iазрикхам а, паччахьал
тIаьхьа шолгIаниг ларалуш волу Элкхан а вийра.
8 Шайн вежарий болчу яхIудхойн ши бIе эзар зуда
а, кIентий а, йоIарий а, йийсар а дина, дIабигира
исраилхоша. Иштта, йоккха хIонс а яькххина,
Шамран-гIала дIаяхьийтира цара.

### Iудад-пайхамар

9 Цигахь вехаш Везачу Элан пайхамар вара.
Цуьнан цIе Iудад яра. Шамран-гIала юхадоьрзуш
долчу эскарна дуьхьал а вахана, оцу пайхамаро
цаьрга элира: «Шун дайн Дела волчу Везачу Эло
Ша оьгIазвахханчохь яхIудхой шун кара дIабелира.
Ткъа аша цаьрца лелийна йолу сел йоккха
къизалла, стигала хьалакхаьчна. 10 ХIинца яхIудхой
а, ярушалаймхой а, дIа а бигна, царах шайн леш
бан дохку шу. Шайн Везачу Далла хьалха шаьш а
бехке дац моьтту ткъа шуна? 11 Аша, соьга ла а
догIий, шаьш йийсаре буьгуш болу шайн вежарий
яхIудхой юхаберзабе, хIунда аьлча Везачу Элан
чIогIа дералла ю шуна тIехь».
12 ТIаккха Эпрайман тайпанах болчу хьаькамех
цхьаберш тIамера юхабоьрзуш болчарна дуьхьал
бевлира. Уьш бара: ЯхIу-Хьанин кIант Iазар-ЯхIу,
Машли-МутIин кIант Берех-ЯхIу, Шалуман кIант
Яхьизакх-ЯхIу, Хьадлайн кIант Iамасаъ. 13 Цара
элира: «Ма балабе кху чу йийсар динарш, хIунда
аьлча вай къа латор ду Везачу Элана хьалхахь. Вай
летийначу къиношна а, вай динчу зуламашна а
кхин а тIетоха ойла-м яц те шун? Исраилан
халкъана тIехь Везачу Элан чIогIа йолу дералла
хиллал хIинцале а боккха бехк бу вайна тIехь».
14 ТIаккха тIемалоша шаьш йийсаре буьгурш а,
схьаэцна йолу хIонс а халкъан куьйгалхойн а,
халкъан берриг а гуламан кара дIаелира. 15 ЦIераш
яьхначу исраилхойн веа куьйгалхочо, шаьш
йийсаре дуьгучу халкъана юкъахь берзина хилла
болчарна, хIонсана юкъара схьаэцна бедарш а
тIеюьйхира, царна мачаш а елира. Иштта юург а,
мерг а елира, зайтдаьтта а хьаькхира царна. Царах
гIора доцурш берриш а, варрашна тIе а ховшийна,
шех хурма-диттийн гIала олучу Ерихоне, церан
вежарий болчу, дIахьажийра, ткъа шаьш Шамран-
гIала юхабирзира уьш.

### Ахьаза Ашур-мехкан паччахье гIо дехар
(ТIаьххьарнаш 16:7-9)

16 Цу хенахь Ахьаз-паччахьо Ашур-мехкан
паччахьна †† тIе геланчаш бахийтира, шена гIо
доьхуш, 17 хIунда аьлча эдомхоша цул тIаьхьа, схьа
а богIий, дуккха а долчу адамна етта а еттара, уьш
йийсаре а буьгура. 18 ЯхIуд-мехкан акъарешкара а,
къилбехьара а йолчу гIаланашна тIелетира
пIелаштамхой. Байт-Шамаш, Айлон, Гадирут, Соха,
Тамна, Гимзу гIаланаш а, цаьрца йоьзна йолу
ярташ а, схьа а яьхна, царна чохь баха
охьахевшира уьш. 19 ЯхIудхойн паччахь Ахьаз
бахьана долуш иштта сийсаздаьккхира Везачу Эло
ЯхIудан халкъ, хIунда аьлча иза, ЯхIуд-махкахь
зуламаш дар а магош, Везачу Элана тешаме
воцуш лелара. 20 Ашурхойн паччахь ТилгIат-
Пилнасар веара Ахьаз волчу, амма шегара гIо
хиларан метта, бале велира иза цунна. 21 ХIунда
аьлча Ахьаза Везачу Элан цIа чуьра а, паччахьан
цIа чуьра а, элашкара а еза хIуманаш, схьа а эцна,
ашурхойн паччахье дIаелира, амма и шадерг
гIоьнна ца хилира цунна.

### Ахьазан къинош

22 Ур-атталла ша холчу хIоьттинчу хенахь а Ахьаз-
паччахь кхидIа а Везачу Элана тешаме воцуш
лелара. 23 Шена тIехь толам баьккхинчу
Дамасакхерачу деланашна лерина сагIанаш дохура
Ахьаза, хIунда аьлча цо ойла йира: «Арамхойн

† *28:5, 6 ТIаьххьарнаш 16:5; ЕшаI-ЯхIу 7:1.*

†† *Цхьана Iебархойн тептар тIехь а, грекийн гочдар тIехь а: *Ашур-мехкан паччахьна тIе. *Вукху Iебархойн тептаршна тIехь: *Ашур-мехкан паччахьашна тIе.**

паччахьийн деланаша царна гIо дина хилча, аса а
дохур ду царна сагIанаш, цаьрга сайна гIо
дайтархьама», – аьлла. Амма и деланаш Ахьазана
а, дерриг а Исраилан халкъана а эшамна хилира. [24]
*Делан цIа* чуьра пхьегIаш дIа а гулйина, уьш
йохийра Ахьаза. Ткъа Везачу Элан цIийнан неIарш
дIа а къевлина, Ярушалаймехь массо а маьIIехь
сагIа доккху меттигаш йира цо. [25] ЯхIуд-махкарчу
ерриге а гIаланашкахь кхечу деланашна сагIа
доккху гунаш а дина, шен дайн Дела волу Веза Эла
дарвора цо.
[26] Ахьазан кхидолчу гIуллаккхех а, цо лелийначух а
лаьцна – дуьххьарлерчунна тIера тIаьхьарчунна
тIекхаччалц – яздина ду *ЯхIудхойн а, исраилхойн а
паччахьийн тептар* тIехь. [27] †ТIаккха Ахьаз, дIа а
кхелхина, шен дайх дIакхийтира. Иза Ярушалайм-
гIалахь дIавоьллира, амма исраилхойн паччахьийн
къуббанашкахь дIа ца воьллира иза. Ахьазан метта
паччахь хилла дIахIоьттира цуьнан кIант Яхьизакх-
ЯхIу ††.

### ЯхIудхойн паччахь Хьузакх-ЯхIу
(ТIаьххьарнаш 18:1-3)

29 Паччахь дIахIуттучу хенахь Хьузакх-ЯхIун ‡
ткъе пхи шо дара. Ярушалаймехь Iаш а
волуш, ткъе исс шарахь паччахьалла дира Хьузакх-
ЯхIус. Цуьнан ненан цIе яра Аби-ЯхIу, ткъа иза
Закри-ЯхIун йоI яра. [2] Ша схьаваьллачу Дауд-
паччахьо лела мел динарг санна, Хьузакх-ЯхIус а
леладора Везачу Элана нийса хеташ дерг.

### Везачу Элан цIа цIандар

[3] Ша паччахь хилла дIахIоьттинчу хьалхарчу
шеран хьалхарчу баттахь Хьузакх-ЯхIус, Везачу
Элан цIийнан неIарш дIа а йиллина, уьш тояйтира.
[4] Левихой а, динан дай а шена тIебахкар
тIедиллира Хьузакх-ЯхIус. Уьш Делан цIенна
малхбалехь йолчу майданахь схьагулбира цо.
[5] Цаьрга цо элира: «Левихой, ладогIалаш соьга!
ХIинца шаьш а Далла гергахь цIанло, шайн дайн
Дела волчу Везачу Элан цIа а цIанде. Цу цIенна
чуьра Далла хьалха боьха мел долу хIума
аракхосса. [6] Вайн дай, вайн Везачу Далла зуламе
хеташ долу хIуманаш а лелош, Далла тешаме
боцуш бара. Цара, Иза дIа а тесна, Везачу Элан
цIийнах дIа а бевлла, Цунна букъ берзийнера.
[7] Цара Везачу Элан цIийнан ученна чу волу неI а
дIакъевлира, къуьданаш а дIабойура. Иштта *хаза
хьожа йогIу хIума* а ца ягайора, дезачу цIа чохь
Исраилан халкъан Далла лерина дийнаташ
дагоран сагIа а ца доккхура цара. [8] ТIаккха Веза Эла
оьгIазвахара ЯхIудан а, Ярушалайман а
бахархошна. Нах Iада а бойтуш, инзар а
болуьйтуш, белам бойтуш а хIума царах йира Цо,
шуна шайна ма-гарра. [9] Иштта туьро байира вайн
дай, цундела вайн кIентий а, йоIарий а, зударий а
хIинца хийрачу махкахь йийсарехь бу.
[10] ХIинца Исраилан халкъан Везачу Элаца барт
бан дагадеана суна, Цуьнга Шен чIогIа йолу
дералла вайна тIера дIаяккхийтархьама. [11] Сан
хьоме левихой! Ларам боцуш ма хилалаш, хIунда
аьлча Везачу Эло шу хаьржина, Шена уллохь
хилийтархьама а, шуьга Шена лерина гIуллакх
дайтархьама а, шу Шена гIуллакх дийраш а, хаза
хьожа йогIу хIума ягораш а хилийтархьама а».
[12] ТIаккха хIара левихой гIуллакхаш кхочушдан
хIиттира:
КхахIатан тIаьхьенах волу Iамсайн кIант Махьат а,
Iазар-ЯхIун кIант Юал а;
Мерарин тIаьхьенах волу Iабдин кIант Къуша а,
ЯхIалал-Элан кIант Iазар-ЯхIу а;
ГIиршанан тIаьхьенах волу Замин кIант Юахьи а,
Юахьин кIант Iедан а;
[13] Эли-Цапанан тIаьхьенах волу Шимра а, ЯIиал а;
Асайпан тIаьхьенах волу Закри-ЯхIу а, Матан-ЯхIу
а;
[14] ХIайманан тIаьхьенах волу Яхьиал а, ШамаIи а;
Ядутунан тIаьхьенах волу ШамIа-ЯхIу а, Iузиал а.
[15] Цара, шайн вежарий схьа а гулбина, Далла
гергахь цIано йира. ТIаккха, Везачу Эло аьлла ма-
хиллара, паччахьан омра кхочуш а деш, Везачу
Элан цIа цIан а деш, даздан бахара уьш. [16] Цара
Везачу Элан цIа чохь шайна карийна Далла гергахь
боьха мел долу хIума цIийнан керта арадаьккхира.
Ткъа левихоша, уьш Кхидрун-тогIи чу
дIакхиссархьама, дIаийцира.
[17] Шеран хьалхарчу беттан хьалхарчу дийнахь
цара Везачу Элан керт язъян йолийра. Цу беттан
борхIалгIачу дийнахь уьш Везачу Элан цIийнан
ученна тIекхечира. Кхин а бархI дийнахь Далла
хьалха даздира цара Везачу Элан цIа. Оцу
хьалхарчу беттан ялхитталгIачу дийнахь цара и
гIуллакх чекхдаьккхира.

### Везачу Элан цIа юха а Делан кара дIадалар

[18] ТIаккха, Хьузакх-ЯхIун цIа а баьхкина, цара
элира: «Оха Везачу Элан цIа а цIандина, дийнаташ
дагоран *сагIа доккху кхерч* а цIанбина, цуьнца
йоьзна йолу ерриге пхьегIаш а цIанйина. Иштта
даздина долу бепиг тIедуьллу стол а, цуьнца
йоьзна йолу пхьегIаш а цIанйина. [19] Ахьаз-
паччахьо, ша паччахьалла динчу хенахь, Делан
лаамехь доцург а лелош, дIаяьхна хилла йолу
ерриге а пхьегIаш, оха, кеч а йина, язйина. Уьш
Везачу Элан сагIа доккхучу кхерчана хьалха
дIахIиттийна».
[20] ШолгIачу Iуьйранна, хьалхxе хьала а гIаьттина,
гIалин куьйгалхой схьа а гулбина, Везачу Элан
цIенна тIе вахара Хьузакх-ЯхIу-паччахь. [21] Цара
ворхI старгIа а, ворхI уьстагI а, ворхI боьрша Iахар
а, ворхI бож а еара пачхьалкхан къиношна тIера а,
Везачу Элан цIийнан езачу чоьнна тIера а, ЯхIудан
халкъана тIера а. АхIаронан тIаьхьенах болчу

† *28:27 ЕшаI-ЯхIу 14:28.* †† *Iебархойн тептар тIехь: *Яхьизакх-ЯхIу. *Иза «Хьузакх-ЯхIун» кхин цIе ю.** ‡ *Iебархойн тептар тIехь: *Яхьизакх-ЯхIу. *Иза «Хьузакх-ЯхIун» кхин цIе ю.**

динан дайшна тIедиллира паччахьо и дийнаташ
сагIа доккхучу Везачу Элан кхерчана тIехь дагор.
22 Динан дайша, старгIанашна урс а хьаькхна,
церан цIийн цинцаш сагIа доккхучу кхерчана
тIетуьйхира. Цул тIаьхьа цара, уьстагIашна урс а
хьаькхна, церан цIийн цинцаш сагIа доккхучу
кхерчана тIетуьйхира. Иштта Iахаршна урс а
хьаькхна, церан цIийн цинцаш сагIа доккхучу
кхерчана тIетуьйхира цара. 23 ТIаккха, къиношна
тIера урс хьакха ялийна йолу бежалой паччахьна а,
халкъан гуламна а хьалха дIа а хIиттийна, царна
тIе куьйгаш дехкира. 24 Царна урс а хьаькхна,
берриге а Исраилан халкъан къинош
дIадахархьама, бежалойн цIийн цинцаш туьйхира
кхерча тIе. ХIунда аьлча паччахьо омра динера
берриге а Исраилан халкъана тIера дийнаташ
дагоран сагIа а, къинойх цIандаларан сагIа а
даккха аьлла.
25 Дауда а, Делера дерг гуш волчу, паччахьан
пайхамар волчу Гадас а, Ната-пайхамаро а
тIедиллина ма-хиллара, – ткъа и тIедиллар Везачу
Элера долу дела – Хьузакх-ЯхIу-паччахьо Везачу
Элан цIийнан кертахь, тайп-тайпана дечиг-
пондарш а, цIастанан жима негIарш а карахь долу
левихой дIахIиттийра. 26 Дауд-паччахьо
юкъабаьккхина хилла гIирс карахь болу левихой а,
локху турбанаш карахь йолу динан дай а
дIахIиттийча, 27 Хьузакх-ЯхIус омра дира, дагоран
сагIина урс хьаькхна долу дийнаташ кхерча тIе
дахка аьлла. СагIа даккха долийча, локхучу
турбанашца а, исраилхойн паччахь хилла волчу
Даудан гIирсашца а зурма а лоьккхуш, Везачу Элана
лерина эшарш лекха йолийра. 28 Халкъан берриг а
гуламо а Iибадат дора, илланчаша эшарш лоьккхуш
а, турбанаш екаш а йолчу хенахь. Иза иштта
лаьттара, дийнаташ дагоран сагIа даккхар
чекхдаллалц. 29 Дийнаташ дагоран сагIа даккхар
чекхдаьлча, паччахьо а, цуьнца болчу массара а,
суждане а бахана, Iибадат дира. 30 Хьузакх-ЯхIу-
паччахьо а, баьччанаша а левихошка омра дира,
Дауда а, Делера дерг гуш хилла волчу Асайп-
пайхамаро а яздинчу дешнашца Везачу Элана
хастамаш бе аьлла. Халкъо хазахетарца эшарш а
лоькхура, уьш суждане а боьлхура, цара Везачу
Элана Iибадат а дора.
31 Хьузакх-ЯхIус, вист а хуьлуш, элира: «ХIинца
аша шаьш Везачу Элана лерина дIакъастор
чекхдаьлла. Дуьло, Везачу Элан цIа долчу бертан а,
баркаллин а сагIанаш даладе». ТIаккха халкъан
гуламо бертан а, баркаллин а сагIанашна
дийнаташ даладора. Шен даг чохь лаам болчу
хIораммо а дагоран сагIанаш даха дийнаташ
даладора. 32 Халкъан гуламо дагоран сагIа даккха
далийначу дийнатийн барам иштта бара: кхузткъе
итт сту, цхьа бIе уьстагI, ши бIе боьрша Iахар. И
дерриге а Везачу Элана лерина дийнаташ дагоран
сагIа даккха далийнера. 33 Кхин а ялх бIе дийнат
хьайбанийн юкъара а, кхо эзар – жен юкъара а
далийнера бертан а, баркаллин а сагIанашна.
34 Ткъа динан дай кIеззиг болу дела, уьш лара ца
бора дагоран сагIина далийначу дерриг а
дийнаташна тIера цIокарчий схьаяха. Цундела
царна гIо дора церан вежарий болчу левихоша.
Кхиболу динан дай цIанбаллалц а, сагIа доккху и
гIуллакх чекхдаллалц а гIо дира цара. ХIунда аьлча
левихой шаьш Далла гергахь цIанбарна тIехь
динан дайл а лерина лелара. 35 Оцу дийнаташ
дагоран сагIина дахьаш долчу хIуманна тIекхетара
боккхачу барамехь долу барт баран сагIанийн мохь
а, чагIаран сагIина дахьаш долу малар а.
Иштта меттахIоттийра Везачу Элан цIенца доьзна
долу гIуллакх дар. 36 Хьузакх-ЯхIу а, дерриг халкъ а
чIогIа самукъадаьлла дара Дала Шен халкъана
диначунна, хIунда аьлча иза сихха кхочушхилира.

### Пасахьан деза де даздарна кечам бар

30 Берриге а Исраил-мехкан а, ЯхIуд-мехкан а
меттигашка геланчаш бахийтира Хьузакх-
ЯхIус. Иштта Эпрайм-махка а, Маннаш-махка а
кехаташ яздира цо, дерриг а цигара халкъ
Ярушалаймехь лаьтташ долу Везачу Элан цIа долчу
даладе аьлла, Исраилан халкъан Везачу Далла
лерина Пасахьан дезде даздархьама. 2 †Паччахьо а,
цуьнан баьччанаша а, Ярушалаймерчу берриге а
гуламо а кхеташонехь сацам бира, шеран шолгIачу
баттахь Везачу Элана лерина долу Пасахь олу
дезде даздийр ду аьлла. 3 И гIуллакх цул хьалха
билгалъяьккхинчу хенахь кхочушдар ца
нисделлера церан, Далла гергахь цIанбеллачу
динан дайн барам кхоччуш ца хилла дела а, халкъ
Ярушалайме схьагулделла ца даьлла дела а.
4 Паччахьна а, берриге гуламна а и сацам
хазахийтира. 5 ТIаккха Беар-ШабаI-гIалара дуьйна
Дан-гIалина тIе кхаччалц, берриге а Исраил-
махкахула кхайкхам бар билгалдаьккхира. И
кхайкхам бинера, Ярушалайме халкъ
схьагулдайтархьама. ХIунда аьлча Исраилан
Везачу Далла лерина долу Пасахьан дезде, товрат-
хьехамаш тIехь яздина ма-хиллара, иштта дуккха а
цхьаьна долчу халкъаца даздар кхочуш ца динера.
6 Берриге а Исраил-махкахула а, ЯхIуд-махкахула а
паччахьан а, цуьнан баьччанийн а кехаташ
дIасадаржош бахара геланчаш. Паччахьо динчу
омрица кехата тIехь яздина дара:
«Исраилан халкъ! ИбрахIиман а, Исхьакхан а,
Исраилан а Дела волчу Везачу Элана тIедерзалаш,
тIаккха ашурхойн паччахьан карара схьабевллачу
дийна бисинчарна тIевоьрзур ву Иза а. 7 Шайн
дайн Дела волчу Везачу Элана тешаме ца хиллачу
шайн дайх а, вежарех а дIа ма тарлолаш. Шена
тешаме ца хиларна, адам инзардолуьйту хIума
йира Цо царах. 8 ХIинца дуьйна шайн дайн санна
къиза дегнаш долуш ма хилалаш, ткъа Везачу
Элана муьтIахь хилалаш. Цо гуттаренна а даздина
долчу, Цуьнан цIенна тIе дуьйла. Шайн Везачу

† *30:2, 3 Лелар 9:9-11.*

Далла гІуллакх де, тІаккха Цо Шен чІогІа йолу
Ералла шуна тІера дІайоккхур ю. [9] Шун дегнаш
Везачу Элана тІе юхадирзича, шун вежарех а, шун
берех а уьш йийсаре бигначара къинхетам бийр
бу. ТІаккха уьш кху махка юхабоьрзур бу, хІунда
аьлча шун Веза Дела дика а, къинхетаме а ма ву.
Нагахь санна шу Цунна тІедерзахь, Иза шух
дІавоьрзур вац».
[10] Эпрайман а, Маннашан а мехкашкахула,
Забулан махка тІекхаччалц, цхьана гІалара вукху
гІала боьлхура геланчаш. Ткъа адамаш царах
доьлуш а, кхаьрдаш а дара. [11] Делахь а, Ашаран а,
Маннашан а, Забулан а тайпанех болчу
цхьаболчара, къар а белла, ладуьйгІира цаьрга.
Уьш Ярушалайме баьхкира. [12] ЯхІуд-махкахь,
адамашна цхьаалла а луш, Дала халкъ
иракарахІоттийра, Везачу Эло аьлла ма-хиллара,
паччахьан а, цуьнан баьччанийн а омра
кхочушдархьама.

### Пасахьан дезде даздар

[13] Шеран шолгІачу баттахь Ярушалаймехь вуно
дукха адам гулделира, Совсазчу баьпкан дезде
даздархьама. Гулам дикка боккха бара.
[14] Гулбеллачара, хьала а гІевттина, Ярушалаймехь
цІушна лерина дагоран сагІа доккхуш хилла болу
кхерчаш бохийра. Иштта, цІушна лерина *хаза
хьожа йогІу хІума* ягош болу берриге а гІирс, боха а
бина, Кхидрун-тогІи чу кхоьссира цара. [15] ТІаккха
шолгІачу беттан дейтталгІачу дийнахь Пасахьан
Іахарна урс хьаькхира цара. Динан дайша а,
левихоша а, эхь а хетта, цІан а белла, Везачу Элан
цІийнан керта дагоран сагІа даккха дийнаташ
далийра. [16] Делан стаг волчу Мусан товрат-хьехам
тІехь яздина ма-хиллара, шайна тІедиллина ма-
хиллара, шайна билгалъяьхначу меттигашка
дІахІиттира уьш. Динан дайша, левихойн карара
схьа а оьцуш, цІийн цинцаш тухура.
[17] Гулбеллачарна юкъахь Далла гергахь шаьш
дІахІитта цІанбалаза берш тІех дукха хиларна,
церан Пасахьан Іахарий Везачу Элана лерина
хилийта ца хІуьттура уьш. Церан метта Пасахьан
Іахаршна урс хьаькхира левихоша. [18] Халкъана
юкъара дукххаберш Далла гергахь цІанбалаза
бара. Уьш дукххахьолахь Эпрайман а, Маннашан а,
Иссарханан а, Забулан а тайпанех бара. Делахь а,
хила ма-дезза иза доццушехь, цара а йоура сагІина
беанчу Пасахьан Іахарх йолу хІума. [19] Ткъа Хьузакх-
ЯхІус царна тІера доІа дира. Цо элира: «Шена
хьалха цІанвалаза висинехь а, шен дог шайн дайн
Дела волу Веза Эла лахарна тІедерзийна волчу
хІоранна а дика волчу Везачу Эло гечдойла!»
[20] Хьузакх-ЯхІун доІа дІа а хезна, Везачу Эло
халкъана гечдира. [21] Ярушалайме баьхкинчу
исраилхоша чІогІа самукъадаларца ворхІ дийнахь
даздира Совсазчу баьпкан дезде. Левихоша а,
динан дайша а Везачу Элана хастамаш барна
леринчу зевнечу зурманийн гІирсашца хІора
дийнахь Цунна хастамаш бора. [22] Кхетам а болуш,
Везачу Элана дика гІуллакх деш бохкучу
левихошна тамехь дерг олура Хьузакх-ЯхІус. Шайн
дайн Дела волу Веза Эла хеста а веш, Цунна лерина
бертан сагІа а доккхуш, дезачу деношна
билгалъяькккхина йолу хІума йиира цара ворхІ
дийнахь. [23] Гулбеллачу массара а сацам бира и
дезде кхин а ворхІ дийнахь даздан. ТІаккха
самукъадаларца кхин а ворхІ де даьккхира цара, и
де даздеш. [24] ЯхІудхойн паччахьо Хьузакх-ЯхІус
цхьа эзар сту а, ворхІ эзар уьстагІ а беанера сагІина
гулбеллачарна тІера. Иштта баьччанаша а беанера
цхьа эзар сту а, итт эзар уьстагІ а. ТІаккха динан
дайшна юкъара дукххамо а, Далла гІуллакх дарна
дІа а къаьсташ, шаьш цІанбира. [25] ЯхІуд-махкара
схьабаьхкинчу массеран а самукъадаьллера.
Иштта самукъадаьлла бара динан дай а, левихой а,
Исраил-махкара схьадеана халкъ а, ЯхІуд-махкахь
тІебаьхкинарш санна Іаш болу исраилхой а.
[26] Ярушалаймехь доккха хазахетар хиллера, хІунда
аьлча исраилхойн паччахь хиллачу Даудан кІентан
Сулиман заманахь дуьйна схьа ца хиллера цу
тайпана хІума Ярушалаймехь. [27] ТІаккха динан
дайша а, левихоша а, хьала а гІевттина, халкъ
декъалдира. ДІахезира Везачу Элана церан аз,
хІунда аьлча Веза Эла Іаш волчу стигаларчу
Цуьнан езачу метте дІакхечира церан доІа.

### Хьузакх-ЯхІус дина юхаметтахІиттораш

**31** И дерриге а чекхдаьллачул тІаьхьа цигахь
хилла болу массо а исраилхой яхІудхойн
гІаланашка бахара. Цигахь харцделанашна
хІиттийна тІулгаш кегдира цара. Иштта Ашера-
далла лерина долу дечиган бІогІамаш а хедийра,
тІехь сагІа доккху гунаш а, меттигаш а йохийра
берриг а ЯхІуд-махкахь а, Бен-Яман-махкахь а,
Эпрайман а, Маннашан а мехкаш чекхбовллалц
йолчу меттигашкахь. Цул тІаьхьа берриге а
исраилхой шайн гІаланашка, шайн хІусамашка
юхабирзира.
[2] Динан дай а, левихой а, шаьш дІахІиттабаре
терра, шайн-шайн рогІехь, хІора а шен гІуллакх
дан дІахІоттийра Хьузакх-ЯхІус. Царна тІедехкинчу
гІуллакхашна юкъадогІура: дийнаташ дагоран а,
бертан а сагІанаш дахар а, Везачу Элана гІуллакх
дар а, Далла баркаллаш бахар а, Веза Эла Іаш
йолчу меттиган кевнашкахь Цунна хастамийн
иллеш алар а. [3] †Паччахьо шен хьолах цхьадолу
дакъа дийнаташ дагоран сагІанаш дахарна дала
билгалдаькккхира: Іуьйренан а, суьйренан а
дийнаташ дагоран сагІанаш дахарна а, шоьтан
деношкахь а, бутт цІинлучу деношкахь а, Везачу
Элан товрат-хьехамехь яздина долчу кхечу дезачу
деношкахь а сагІанаш дахарна а.
[4] ††Ярушалаймехь дехачу халкъана паччахьо
тІедиллира динан дайшна а, левихошна а догІуш
долу ялтин а, сурсатийн а дакъа дІадалар, цаьрга

† *31:3 Лелар 28:1–29:39.* †† *31:4, 5 Лелар 18:12, 13, 21.*

Везачу Элан товрат-хьехамаш кхочушбан ойла
хилийтархьама, кхечунна тIедерза а ца дезаш.
5 Паччахьан омра дIакхайкхийча, керлачу ялтех а,
чагIарх а, даьттанах а, мазах а, аренгара тайп-
тайпанчу стоьмех а вуно дукха хIума еара
исраилхоша. Шайн долчу дерриг а хьолах уьтталгIа
дакъа а деара цара. 6 ЯхIуд-мехкан гIаланашкахь
бехачу исраилхоша а, яхIудхоша а деара шайн
бежана юкъара а, жена юкъара а уьтталгIа дакъош.
Иштта шайн Везачу Далла лерина сагIина
гулдинчух а уьтталгIа дакъа схьадеара цара. Церан
вуно дукха хIума гулделира. 7 И гIуллакх, шеран
кхоалгIачу баттахь дола а дина, ворхIалгIачу
баттахь чекхдаьккхира цара. 8 Хьузакх-ЯхIу а,
цуьнан баьччанаш а схьабаьхкича, царна вуно
дукха гулделла хIума гира. Везачу Элана хастамаш
бира цара, ткъа Цуьнан Исраилан халкъ
декъалдира цара. 9 Хьузакх-ЯхIус динан дайшка а,
левихошка а оцу гулделлачу хIуманах лаьцна
хаттар дира. 10 ТIаккха ЦIадукъин тIаьхьенах волчу
коьртачу динан дас Iазар-ЯхIус жоп делира:
«Везачу Элан цIа долчу тхайн долахь долчух
уьтталгIа дакъа дан долийчхьана, оха дуззалц
хIума а йоу, кхин дуккха а хIума а юьсу тхан. Ткъа
Везачу Эло Шен халкъ декъалдина дела, оццул
дукха хIума а дисина».
11 Хьузакх-ЯхIус, Везачу Элан цIийнан кертахь
кхин а тIаьхьалонна сурсаташ чудохку чоьнаш
кечъе аьлла, омра дира. Уьш кечйича, 12 совгIаташ
а, уьтталгIа дакъош а, Далла дIакъастийна
сагIанаш а леррина царна чу охьадехкира. Оцу
хIуманна тIехьожуш хьаькам хIоттийра левихо
волу Ханан-ЯхIу. Ткъа Ханан-ЯхIун ваша ШамаIи
цунна гIо деш шолгIаниг хIоттийра. 13 Хьузакх-ЯхIу-
паччахьо а, Делан цIенна тIехь хьаькам волчу
Iазар-ЯхIус а тIедилларца Ханан-ЯхIун а, ШамаIин а
куьйга кIел оцу хIуманийн дола дан дIахIоттийра
Яхьиал, Азаз-ЯхIу, Нахьати, IасахIал, Еримати,
Юзабди, Элиал, Исмах-ЯхIу, Махьат, БенъяхIу.
14 Шайн лаамехь Далла дахьаш долчу сагIанийн
дола дан а, Везачу Элана луш йолу хIума а, даздина
долу совгIаташ а дIасадекъа дIахIоттийра Кхура.
Иза малхбалехьарчу кевнехь ха деш волу, Иманин
кIант волу левихо вара. 15 Кхурин куьйга кIел бара
Iедан, Мин-Яман, ЮшаI, ШамIа-ЯхIу, Амар-ЯхIу,
Шахан-ЯхIу. Динан дайн гIаланашкахь тешаме
хиларца гIо дира цара Кхурина, шайн вежаршна,
жимачунна а, воккхачунна санна, шайн тобанашка
хьаьжжина, доггIург дIа а доькъуш. 16 ЦIераш
дIаязйинчарна юкъахь болчу боьршачу нахах кхо
шо а, цул сов а хан йолчарна дIасадоькъура и хIума
– Везачу Элан цIа чохь хIора дийнахь, шайн дарже
а, тобане а хьаьжжина, шайна тIедиллина гIуллакх
деш болчарна. 17 Шайн доьзалшка хьаьжжина,
тептар тIе дIаязбина болчу динан дайшна а, ткъа
шо а цул сов хан йолчу левихошна а, царна
тIедехкинчу гIуллакхашка а, церан тобанашка а
хьаьжжина, дIадоькъура цара и хIума. 18 Иштта
дIадоькъура и хIума цу тептар тIе дIаяздинчу,
берриге а гуламна чудогIуш долчу берашна а,
зударшна а, кIенташна а, йоIаршна а. ХIунда аьлча
цара, цIан а белла, тешаме хиларца шаьш Далла
дIакъастийнера, Цунна леррина гIуллакх дархьама.
19 АхIаронан тIаьхьенах болу динан дай бехачу
гIаланийн гонахарчу дежийлашкахь Iаш болчу
динан дайх лаьцна аьлча, цигахь цIершца
билгалбаьхна болу нах дIахIиттийра, динан дайн
доьзалшна юкъара хIора боьршачунна а,
левихошна юкъара хIора дIаязвинчунна а и хIума
дIадекъархьама.
20 Иштта гIуллакх дира Хьузакх-ЯхIус берриге а
ЯхIуд-махкахь. Шен Везачу Далла хьалха диканиг а,
нийсо ерг а, тешаме дерг а леладора Хьузакх-ЯхIус.
21 Шен Дела дага а лоцуш, Делан цIенна лерина а,
Цуьнан товрат-хьехамаш а, весеташ а лардарна а,
ша дечу массо а хIуманна тIехь а, доггах гIуллакх
дора Хьузакх-ЯхIус, цундела кхиамаш а хуьлура
цуьнан.

### Ашурхоша Ярушалаймана кхерам туьйсу

(ТIаьххьарнаш 18:13-37; 19:14-19, 35-37; ЕшаI-ЯхIу 36:1-22; 37:8-38)

32 Везачу Элана тешаме а волуш, Хьузакх-ЯхIус
дина гIуллакхаш чекхдевлча, ЯхIуд-махка
чугIоьртира ашурхойн паччахь волу Санхьариб.
ЧIагIйина гIаланаш шена схьаяха дагахь, царна го
бира цо. 2 Санхьариб, ЯхIуд-махка чу а гIоьртина,
Ярушалаймана дуьхьал тIом бан веана хилар шена
гича, 3 Хьузакх-ЯхIус, шен баьччанех а, тIеман
хьаькамех а дага а ваьлла, гIалин арахула долу хин
хьостанаш дIадукъар юкъадалийра. Цара и дан гIо
дира Хьузакх-ЯхIуна. 4 Дуккха а наха, гул а белла,
кIоштахула долуш долу хьостанаш а, оьхуш долу
хиш а дIадуькъира. Цара олура: «Кху метте шаьш
баьхкича, хин шорто хIунда каро еза ашурхойн
паччахьашна?» 5 ГIала чIагIъярхьама, иштта
белхаш бира Хьузакх-ЯхIус: доьхна долу пенаш а
меттахIиттийра, пенашна тIехула бIаьвнаш а
хIиттийра, чухуларчу пенна гонах кхин а пен а
дIахIоттийра, Даудан гIали чу йогIуш йолу Милло
цIе йолу терхийн басенаш чIагI а йира цо. Иштта
дуккха а герз а, турсаш а кечдира цо. 6 Халкъана
тIехь тIеман хьаькамаш хIиттийра Хьузакх-ЯхIус.
ГIалин кевнехь йолчу майданахь, халкъ шена тIе а
даладайтина, цуьнан дог а оьцуш, цо элира:
7 «ЧIагIлой, доьналла долуш хилалаш! Ашурхойн
паччахьах а, цуьнца долчу доккхачу эскарх а кхера
а ма лолаш, ийза а ма лолаш, хIунда аьлча вайца
дерг дуккха а ницкъ болуш ду, цаьрца долчул.
8 Цаьрца берг адамийн ницкъ бу, ткъа вайца вайн
Веза Дела ву, вайна гIо а деш, вайн дуьхьа тIом а
беш волу». ТIаккха яхIудхойн паччахьан Хьузакх-
ЯхIун дешнаша халкъ чIагIдира.
9 Цул тIаьхьа ашурхойн паччахьо Санхьариба
шен хьаькамаш Ярушалайме яхIудхойн паччахьна
Хьузакх-ЯхIуна а, Ярушалаймехь болчу массо а

яхIудхошна а тIехьовсийра. Ткъа иза ша, шеца
долчу эскарца Лахиш-гIалина го а бина, цунна
дуьхьал тIом беш вара. Цо шен хьаькамашка хIара
алийтира: 10 «Иштта боху шуьга ашурхойн
паччахьо Санхьариба: „Шена го бина йолчу
Ярушалайм-гIалахь виссал хьан бIобулуш дерг хIун
ду те? 11 Мацаллех а, хьогаллех а шу
далийтархьама, шуьга: ‘Вайн Везачу Дала вай
кIелхьардохур ду ашурхойн паччахьах’, – бохуш, шу
ледой те Хьузакх-ЯхIус? 12 ЯхIудан халкъе а,
Ярушалайман бахархошка а: ‘СагIа доккхучу цхьана
кхерчана хьалха бен Iибадат а ма де, цунна тIехь
бен сагIина дийнаташ а ма дагаде’, – бохуш, оцу
Далла лерина сагIа доккху гунаш а, шайна тIехь
долу кхерчаш а дIадаьхна волу Хьузакх-ЯхIу вац
ткъа иза? 13 Шуна ца хаьа ткъа асa а, сан дайша а
кхечу мехкийн къаьмнашна динарг? Оцу
къаьмнийн деланашка сан карара кIелхьардахалур
дарий ткъа шайн мехкаш? 14 Сан дайша
хIаллакдинчу къаьмнийн массо а деланех шен
халкъ сан карара хьаьнга кIелхьардаккхаделира?
Шун Дала сан карара муха кIелхьардохур дара шу?
15 Ткъа хIинца Хьузакх-ЯхIуга шаьш иштта Iеха а ма
дайта, ле а ма дайта. Ма тешалаш цунах. Нагахь
санна цхьана а къоман а, цхьана а пачхьалкхан а,
цхьана а делан а сан карара а, сан дайн карара а
шен халкъ кIелхьардаккха ницкъ кхаьчна ца хилча,
шун Дала а дохур дац шу сан карара“».
16 Кхин а дукха бехира Санхьарибан хьаькамаша
Везачу Далла а, Цуьнан ялхо волчу Хьузакх-ЯхIуна а
дуьхьал долу дешнаш. 17 Иштта, Исраилан Веза
Дела емал а веш, кехаташ а яздора Санхьариба,
Цунна дуьхьал хIара дешнаш а далош: «Кхечу
мехкашкахь дехачу къаьмнийн деланашка шайн
халкъаш сан карара дIа ца дахадаларе терра,
Хьузакх-ЯхIун Деле а кIелхьардаккхалур дац Шен
халкъ сан карара». 18 Пенан тIехуленна тIедаьлла
лаьтта Ярушалайман халкъ кхера а дина, оза а
далийтина, гIала схьаяккхархьама, яхIудхойн
маттахь чIоггIа маьхьарий хьоькхура цара.
19 Ярушалайман Делах лаьцна а олура цара, Иза а
адамийн куьйга бинчу лаьттахь дехаш долчу кхечу
къаьмнийн деланех тарвеш.
20 Хьузакх-ЯхIу-паччахьо а, Амосан кIант волчу
ЕшаI-ЯхIу-пайхамаро а, доIа а дина, оцу гIуллакхах
лаьцна стигала хьала кхайкхам бира. 21 ТIаккха
Везачу Эло *малик* даийтира. Ашурхойн паччахьан
меттаматтахь болу массо а майра эскархой а,
эскаран хьаькамаш а, тIеман хьаькамаш а
хIаллакбира цо. Санхьариб, юьхьIаьржачу а
хIоьттина, шен махка юхавирзира. Шен *делан цIа*
чу ваьлча, цуьнан шен тIаьхьенах болчара, тур а
тоьхна, вийра иза.
22 Иштта кIелхьарбехира Везачу Эло Хьузакх-ЯхIу
а, Ярушалайман бахархой а ашурхойн паччахьан
Санхьарибан а, кхечу къаьмнийн а карара. Везачу
Эло массо а агIор паргIато а елира царна. 23 ТIаккха
дукххаммо а Ярушалайме Везачу Элана лерина
совгIаташ а, яхIудхойн паччахьна еза хIуманаш а
еара. Цул тIаьхьа массо а къаьмнашна хьалха
хьаладелира Хьузакх-ЯхIун сий.

### Хьузакх-ЯхIун цомгуш хилар а, товалар а

(ТIаьххьарнаш 20:1-3, 12-19; ЕшаI-ЯхIу 38:1-3; 39:1-8)

24 Цу деношкахь Хьузакх-ЯхIу, цомгуш а хилла,
валарна гергакхаьчнера. Хьузакх-ЯхIус Везачу Эле
доIа дича, тамашийна билгало † ярца Цо жоп
делира цунна. 25 Амма шена динчу диканан ларам
ца бира Хьузакх-ЯхIус, хIунда аьлча дог
курадаьллера цуьнан. ТIаккха Дала цунна а,
ЯхIудан къомана а, Ярушалайман бахархошна а
Шен оьгIазалла тIеяийтира. 26 Амма Хьузакх-ЯхIу
ша а, Ярушалайман бахархой а шаьш лах а беш,
шайн деган кураллех юхабевлча, Хьузакх-ЯхIус
паччахьалла дечу заманчохь Везачу Эло Шен
оьгIазалла ца йира царна.

### Хьузакх-ЯхIу-паччахьан хьал

27 Хьузакх-ЯхIун дукха а хьал а дара, иза чIогIа
сийлахь а вара. Дети а, деши а, деза тIулгаш а, хаза
хьожа йогIу хьакхарш а, турсаш а, массо а тайпана
еза пхьегIаш а чуйохку гIишлош кечйира цо.
28 Иштта лаьтто луш долу сурсаташ: кIа а, чагIар а,
даьтта а чудилла чоьнаш кечйира цо. Массо а
тайпана бежанаш чудохка божалш кечдира, жа
латто керташ а нисйира. 29 ГIаланаш а дIахIиттийра
цо шена. Жаш а, хьайбанаш а вуно дукха дара
Хьузакх-ЯхIун, хIунда аьлча Дала дукха а хьал
деллера цунна. 30 Иштта, лакхахула дIадоьду
Гихьон-хи, дIа а къевлина, иза Даудан гIалин
малхбузехьа агIор охьадахийтира Хьузакх-ЯхIус.
Ша мел дечу гIуллакхаш тIехь кхиамаш хуьлура
Хьузакх-ЯхIун. 31 ЯхIуд-махкахь хиллачу билгалонах
хаттар дан Бавел-мехкан куьйгалхоша хьажийна
геланчаш баьхкинчу хенахь, Хьузакх-ЯхIу зен а
зийна, цуьнан дагахь мел дерг хаархьама бен дIа
ца тесира Дала иза.

### Хьузакх-ЯхIун паччахьаллин чаккхе

(ТIаьххьарнаш 20:20, 21)

32 Хьузакх-ЯхIух кхидолчу гIуллакхех лаьцна –
Везачу Элана иза чIогIа тешаме хиларх лаьцна –
дIаяздина ду «Амосан кIантана ЕшаI-ЯхIу-
пайхамарна дуьхьалхIоттийна сурт» цIе йолчу а,
«ЯхIудхойн а, исраилхойн а паччахьийн хилларш»
цIе йолчу а тептарш тIехь. 33 Хьузакх-ЯхIу, дIа а
кхелхина, шайн дайх дIакхийтира. Дауд-паччахьах
схьабевллачеран къуббанаш йолчу гу тIехь
дIавоьллира иза. Иза велча, ЯхIуд-мехкан а,
Ярушалайм-гIалин а массо а бахархоша цуьнга
болчу ларамца дIаверзийра Хьузакх-ЯхIу. Хьузакх-
ЯхIун метта паччахь хилла дIахIоьттира цуьнан
кIант Маннаш.

---

† *Тамашийна билгало *– цунах лаьцна кхин а дукха яздина ду «ТIаьххьарнаш» цIе йолчу тептар тIехь (20:8-11).**

### ЯхIудхойн паччахь Маннаш
(ТIаьххьарнаш 21:1-9)

33 Маннашан шийтта шо хилла, иза паччахь
дIахIоьттича. Ярушалаймехь Iаш а волуш, цо
шовзткъе пхийтта шарахь паччахьалла дира.
2 †Везачу Эло исраилхошна хьалхара
дIалелхийначу къаьмнаша лелийна мел долу
дегаза гIуллакхаш а лелош, Везачу Элана зуламе
хеташ дерг леладора Маннаша. 3 Шен дас Хьузакх-
ЯхIус дохийна дIадаьхна долу сагIа доккху гунаш
юхаметтахIиттийра цо. Иштта БаIал-
харцделанашна сагIа доккху меттигаш кечйора,
Ашера-харцдалла лерина долу дечиган бIогIамаш а
хIиттадора цо. Стигалшкахь мел болчу ницкъашна,
суждане а оьхуш, Iибадат дора цо. 4 ††Везачу Элан
цIа чохь а цIушна сагIа доккху кхерчаш
дIахIиттийра Маннаша, оцу цIийнах лаьцна
«Ярушалайм-гIалахь Сайн цIе абаденна язъяйта
лаьа Суна», – аьлла доллушехь Везачу Эло. 5 Везачу
Элан цIийнан шинна а кертахь стигалшкахь мел
болчу ницкъашна сагIа доккху кхерчаш
дIахIиттийра цо. 6 Маннаша шен кIентий Бен-
ХIинам-тогIи чохь цIерах чекхбохуьйтура. Иштта
бозбунчаллаш а леладора, пал а туьйсура,
беллачийн синош тIедоьхуш болчарах а, жинашца
тайначарах а дагаволура. Цу тайпана, Веза Эла
оьгIаз а вохуьйтуш, Цунна зуламе хеташ долу
дуккха а гIуллакхаш леладора цо. 7 ‡Ша харцдалла
лерина дина сурт схьа а эцна, иза *Делан цIа* чохь
дIахIоттийра Маннаша, цунах лаьцна Везачу Эло
Дауде а, цуьнан кIанте Сулиме а иштта аьлла
доллушехь: «Ярушалайм-гIалахь – исраилхойн
шийтта тайпанийн латтанашна юкъара Айса
хаьржина йолчу меттигехь – хIокху Сайн цIа чохь
Сайн цIе язъяйта лаьа Суна гуттаренна а» 8 Нагахь
санна Аса шайна тIе мел диллинарг – Мусагахула
Айса царна белла берриг а *товрат-хьехам*, парзаш
а, тIедехкинарш а – цара леррина кхочушдахь,
Айса церан дайшна деллачу лаьтта тIера
исраилхойн когаш кхин цкъа а арабохуьйтур бац
Аса. 9 Амма ЯхIудан халкъ а, Ярушалайман
бахархой а харц некъа тIе бехира Маннаша: Везачу
Эло, исраилхошна уллора дIа а даьхна,
хIаллакдинчу кхечу къаьмнаша лелийначул а сов
зуламе дерг леладора цара.

### Маннаша ша Далла хьалха лахвар

10 Везачу Эло дIаолура Маннаше а, цуьнан халкъе
а, амма цара ла ца дугIура. 11 ТIаккха Везачу Эло
ашурхойн паччахьан тIеман коьрта хьаькамаш
бахийтира Маннашана тIе. Цара, иза дIа а лаьцна,
мерIуьргех чIуг чекх а яьккхина, йоьзан буржалш а
дихкина, Бавел-махка дIавигира. 12 Ша гаттавелла
хьаьвзича, шен дайн Далла хьалха ша даггара лах
а веш, Маннаша шен Везачу Деле шеца дика хилар
доьхура. 13 Маннаша Везачу Эле доIа дича, Цо, дIа а
хезна, Маннашан доIа тIеийцира. Дала, иза
Ярушалайме юха а верзийна, шен паччахьалла дан
дIахIоттийра. ТIаккха кхийтира Маннаш Веза Эла –
Дела хиларх.
14 Цул тIаьхьа Маннаша Даудан гIалин арахула
болу пен юхаметтахIоттийра. Гихьон-хина
малхбузехьа долчу Iинан тIехула ЧIерийн ков
олучу меттехула а, Iупал-гIалин гонах, лекхха хьала
а боккхуш, юхаметтахIоттийра цо гIалин пен. ЯхIуд-
махкарчу чIагIйинчу массо а гIаланашкахь тIеман
коьрта хьаькамаш дIахIиттийра цо. 15 Хийрачу
мехкашкара деланаш а, Везачу Элан цIа чу
дIахIоттийна цIу а дIаваьккхира Маннаша. Иштта
Ярушалаймехь а, Везачу Элан цIа тIехь лаьттачу
ломахь а ша дIахIиттийна сагIа доху кхерчаш
дохийна, гIалин арахьа дIаккхиссира цо. 16 Везачу
Элана лерина сагIа доккху кхерч ша хиллачу метте
дIа а хIоттийна, цу тIехь бертан а, баркаллин а
сагIанаш дехира Маннаша. ЯхIудхошна цо
тIедиллира, Исраилан Везачу Далла Iамал е аьлла.
17 Халкъо кхидIа а сагIа доккхучу гунаш тIехь
сагIанаш даьхнехь а, и сагIанаш шайн Везачу
Далла лерина бен дацара.

### Маннаша динчу паччахьаллин чаккхе
(ТIаьххьарнаш 21:17, 18)

18 Маннашан кхидолчу гIуллакхех лаьцна – шен
Деле цо динчу доIанах а, Исраилан Везачу Делан
цIарах хиндерг гуш болчара Маннаше аьллачу
дешнех а лаьцна – яздина ду *Исраилхойн
паччахьийн тептар* тIехь. 19 Маннаша динчу
доIанах а, Далла иза дIахазарх а, Далла хьалха ша
лахвале цунах мел даьллачу къинойх лаьцна – иза
Далла тешаме цахиларх а, цо сагIа доккху гунаш
дарх а, цо Ашера-харцдалла лерина долу дечиган
бIогIамаш дIахIиттадарх а, цо бинчу цIуйх а лаьцна
– яздина ду *Делера дерг гуш болчу пайхамарийн
тептар* тIехь. 20 Маннаш, дIа а кхелхина, шен дайх
дIакхийтира. Иза шен паччахьан цIахь
дIавоьллира. Маннашан метта паччахь хилла
дIахIоьттира цуьнан кIант Амин.

### ЯхIудхойн паччахь Амин
(ТIаьххьарнаш 21:19-26)

21 Аминан ткъе ши шо дара, иза паччахь хилла
дIахIоьттича. Ярушалаймехь Iаш а волуш, цо шина
шарахь паччахьалла дира. 22 Шен дас Маннаша
санна, Везачу Элана зуламе хеташ долу гIуллакхаш
леладора Амина а. Шен дас Маннаша мел
дIахIиттийначу цIушна сагIанаш а дохура, Iамал а
йора Амина. 23 Амма шен дас Маннаша ма-дарра,
ша Везачу Элана хьалха лах ца вира цо. Мелхо а,
шен къинош совдехира цо.
24 Iамминан хьаькамаша, ямартлонца цунна
дуьхьал барт а бина, шен паччахьан цIахь иза
вийра. 25 Амма цу махкарчу халкъо Амин-
паччахьна дуьхьалбевлла хилларш берриш а

† *33:2 Ярми-ЯхIу 15:4.* †† *33:4 2 Шерашкахь 6:6.* ‡ *33:7, 8 Сулим 9:3-5; 2 Шерашкахь 7:12-18.*

хIаллакбира. Цара Аминан метта цуьнан кIант
Юши-ЯхIу, паччахь а вина, дIахIоттийра.

### ЯхIудхойн паччахь Юши-ЯхIу
(ТIаьххьарнаш 22:1, 2)

34 †Юши-ЯхIун бархI шо хилла иза паччахь
дIахIуттучу хенахь. Ярушалаймехь Iаш а
волуш, цо ткъе цхьайтта шарахь паччахьалла
дира. 2 Везачу Элана нийса хеташ дерг леладора
цо. Шен дайх хилла волу Дауд санна, нийсачу
новкъа тIехь лелла Юши-ЯхIу. Цу некъа тIера я
аьтту, я аьрру агIор дIа ца ваьлла иза.

### Юши-ЯхIус бина хийцамаш

3 Паччахьалла деш долу борхIалгIа шо долуш, ша
къона стаг воллушехь, шен ден дайх хиллачу
Даудан Дела леха волавелира Юши-ЯхIу. Ткъа ша
паччахьалла деш долу шийтта шо кхаьчча, ЯхIуд-
мохк а, Ярушалайм а цIанйира цо цигахь хиллачу
халкъо Iибадат деш схьакъастийначу гунех а, цу
гIуллакхна билгалдаьхначу диттех а, куц далош,
боьттина бинчу цIуйх а. 4 ††БаIал-деланашна лерина
йолу сагIа доккху меттигаш а, царна тIехула
хIиттийна *хаза хьожа йогIу хIума* яго гIирсаш а
бохабайтира цо. Иштта Ашера-далла лерина болу
дечиган бIогIамаш а, кхиболу цIуш а, дина суьрташ
а доха а дина, царах чан а йина, цIушна сагIа
даьккхинчеран къуббанаш тIехула дIасаяржийра
цо. 5 ‡Харц динан дайн даьIахкаш церан сагIа
доккху меттигашкахь яга а йина, цIанбира Юши-
ЯхIус ЯхIуд-мохк а, Ярушалайм а. 6 Изза дира Юши-
ЯхIус Маннаш-мехкан а, Эпрайм-мехкан а, ШимIа-
мехкан а гIаланашкахь а, царна гонах долчу
къапалгашкахь а, ур-атталла Наптал-махкана
тIекхаччалц. 7 Берриг а Исраил-махкахула йолу
сагIа доккху меттигаш а, Ашера-далла лерина долу
дечиган бIогIамаш а дохийна дIадехира, цIуйх а
чан йира, хаза хьожа йогIу хIума яго гIирсаш а
бохийра Юши-ЯхIус. ТIаккха иза Ярушалайме
юхавирзира.

### Товрат-хьехамийн тептар карор
(ТIаьххьарнаш 22:3-20)

8 Ша паччахьалла дечу берхIитталгIачу шарахь,
мохк а, Везачу Элан цIа а ша цIандечу хенахь Ацал-
ЯхIун кIант Шапани а, гIалин хьаькам МаIсей-ЯхIу
а, йозанча волу Юахьазан кIант Юахьи а
вахийтира Юши-ЯхIус шен Везачу *Делан цIа* тодан.
9 Цара, динан коьртачу дена Хьалкхи-ЯхIуна тIе а
бахана, Делан цIенна деана долу ахча дIаделира
цуьнга. Делан цIийнан кевнехь гIарол деш
латтачу левихоша гулдина дара и ахча. Иза
маннашхоша а, эпраймхоша а, исраилхойн
дерриге а дисинчу декъо а, иштта берриге а
яхIудхоша а, бен-яманхоша а, Ярушалайман
бахархоша а деанера. 10 И ахча Везачу Элан цIенна
тIехь болх беш болчу белхалошна тIехьожучу
нехан кара дIаделира. Ткъа цара Везачу Элан цIа,
то а деш, карладоккхуш белхаш беш болчарна
дIадоькъура и ахча. 11 Дечиган пхьерашка а,
гIишло ечаьрга а дIаделира цара ахча, яхIудхойн
паччахьо талхийтинчу гIишлошна оьшу хьаькхна
тIулг а, бIогIамаш дан дечиг а цаьрга
эцийтархьама. 12 Балха тIехь тешаме бара и нах.
Царна тIехьожуш дIахIиттийна бара Мерарин
тIаьхьенах болу левихой Яхьат а, Iабди-ЯхIу а.
Мерарин тIаьхьенах болу левихой Яхьат а, Iабди-
ЯхIу а, иштта КхахIатан тIаьхьенах болу Закри-ЯхIу
а, Машулим а. Массо а левихой говза зурманчаш
бара. 13 Левихоша куьйгалла дора *кира* лелочарна
тIехь а, кхиболу белхаш беш болчу берриге а
белхалошна тIехь а. Иштта левихошна юкъара
бара йозанчаш а, тIехьожу куьйгалхой а,
кевнашкахь гIарол дийраш а.
14 Цара Везачу Элан цIа долчу деана ахча
схьаоьцучу хенахь, динан дена Хьалкхи-ЯхIуна
карийра Везачу Эло Мусагахула делла долу товрат-
хьехамаш тIехь болу тептар. 15 ТIаккха Хьалкхи-
ЯхIус йозанча волчу Шапанига элира: «Товрат-
хьехамийн тептар карийна суна Везачу Элан цIа
чохь». И тептар Шапанига дIаделира Хьалкхи-ЯхIус.
16 Шапанис и тептар паччахьна тIедаьхьира. Иштта
паччахье хаам а бира цо: «Ахьа хьан ялхошна
тIедиллинарг цара дерриг а кхочушдо. 17 Хьан
ялхоша, Везачу Элан цIа долчохь гулделла ахча
схьа а эцна, иза белхаш беш болчарна тIехьожуш
болчийн а, белхаш беш болчеран а кара дIаделла»,
– аьлла. 18 Йозанчо Шапанис паччахье кхин а цхьа
хаам бира: «Динан дас Хьалкхи-ЯхIус тептар делла
соьга», – аьлла. Иза паччахьна хьалха дIадийшира
цо.
19 Товрат-хьехамийн дешнаш шена дIахезча,
паччахьо шен тIехулара бедарш этIийра. 20 ТIаккха
динан дена Хьалкхи-ЯхIуна а, Шапанин кIантана
Ахьикхамина а, Мика-ЯхIун кIантана Iабданина а,
йозанчина Шапанина а, паччахьан ялхочунна Iаси-
ЯхIуна а, тIе а дуьллуш, цо элира: 21 «Даха а гIой,
сан дуьхьа а, исраилхошна а, яхIудхошна а юкъара
дийна бисинчеран дуьхьа а оцу карийначу тептар
тIехь долчух лаьцна Везачу Элах дагавалийта.
Везачу Элан дералла вайна тIехь чIагIъелла, хIунда
аьлча хIокху тептаран дешнашка ладоьгIна ца
хилла вайн дайша. Вайх лаьцна цу тIехь яздина
мел хиллачуьнга хьаьжжина, ца лелла уьш».
22 Динан да Хьалкхи-ЯхIу а, паччахьо дIахьажийна
болу кхиберш а Ярушалайман шолгIачу декъахь
Iаш йолчу а, шега Делера хаам хуьлуш йолчу а
Хьулдатана тIебахара. (Цуьнан майра вара
Хьархьасан кIентан Тикхавин кIант волу Шалум,
ткъа иза духарийн цIенна тIехь куьйгалхо вара.)
Цара оцу гIуллакхах лаьцна къамел дира цу
зудчуьнца. 23 Хьулдата цаьрга элира: «ХIара боху
исраилхойн Везачу Дала: „Шаьш Суна тIе

† *34:1 Ярми-ЯхIу 3:6.* †† *34:4 ТIаьххьарнаш 21:3; 2 Шерашкахь 33:3.* ‡ *34:5 Сулим 13:2.*

хьажийначу стаге хIара дIаала: 24 ‘Иштта боху
Везачу Эло: ‹Аса бохам тIебоуьйтур бу кху меттигна
а, кхуьнан бахархошна а. Царна тIехь кхочушхир ду
яхIудхойн паччахьна хьалха аша дешначу тептар
тIехь долу дерриге а неIалташ›’. 25 Со дIа а тесна,
хаза хьожа йогIу хIума кхечу деланашна а ягийна,
шаьш мел лелочу хIуманца Со дар а веш, Сан
оьгIазло кху меттигна тIехь, дIайовр йоцу летта алу
санна, хир ю. 26 Веза Эла волчу Сох дагавалийта
аьлла, шаьш схьахьажийначу яхIудхойн паччахье
аша дIаала: ‘Иштта боху исраилхойн Везачу Дала
хьуна хезначу дешнех лаьцна: 27 ‹Аса кху меттигна
а, кхуьнан бахархошна а дуьхьал аьлла дешнаш
хьайна дIа а хезна, хьан дог кIад а луш, ахьа Далла
хьалха хьо лахварна а, хьайн тIехулара бедар этIа а
йина, Суна хьалха лах а луш, хьо велхарна а, Суна а
хьо дIахезна, – боху Везачу Эло. – 28 И бахьанехь
хьо, синтемца дIа а кхелхина, хьайн дайшна
тIевохуьйтур ву Аса, ткъа хьо хьайн къубби чохь
дIавуьллур ву. Хьан бIаьргашна гур бац Ас кху
меттигна тIебоуьйтур болу и берриге а бохамаш›’».
Паччахьна тIедаьхьира и жоп.

### Юши-ЯхIус Везачу Элаца бина барт
(ТIаьххьарнаш 23:1-20)

29 Юши-ЯхIу-паччахьо ЯхIуд-мехкан а,
Ярушалайм-гIалин а берриге а къаной
схьагулбайтира. 30 Паччахь Везачу Элан цIийнан
керта вахара. Цуьнца цхьаьна цига дахара ЯхIуд-
мехкан дерриге а халкъ а, Ярушалайман берриге а
бахархой а, динан дай а, левихой а, доллу халкъ а,
уггаре ладам доцучу адамашкара дуьйна уггаре
лараме долчу адамашна тIе кхаччалц. ТIаккха
паччахьо Везачу Элан цIенна уллохь карийначу
Дала халкъаца бинчу бертан тептар тIера дерриг а
дешнаш дIадийшира, уьш цигахь лаьтташ долчу
массо а халкъана дIа а хозуьйтуш. 31 БIогIамна юххе
а хIоьттина, паччахьо Везачу Элана хьалха Цуьнца
бина болу барт карлабаьккхира – цо дош делира
Везачу Элана тIаьхьахIотта а, шен доллучу даггара,
доллучу синца Цуьнан весеташ а, бакъонаш а,
парзаш а лардан а, оцу тептар тIехь яздина долу
бертан дешнаш кхочушдан а. 32 Шаьш и барт
тIеоьцуш паччахьо чIагIо яр тIедиллира берриг а
Ярушалаймерчу бахархошна а, бен-яманхошна а.
Иштта, Ярушалайман бахархой шайн дайн Дела
волчу Делаца бинчу барте хьаьжжина, лела
буьйлабелира. 33 Исраилхойн долахь болчу
берриге а махкара дегаза болу цIуш дIабехира
Юши-ЯхIус. Исраил-махкахь дехачу дерриге а
халкъана тIедиллира цо шайн Везачу Далла
Iамалъяр. Юши-ЯхIу-паччахь вехаш хиллачу массо
а хенахь, шайн дайн Дела волчу Везачу Элана
тIаьхьахIиттинчуьра дIа ца бевлира уьш.

### Пасахь олу дезде даздар карладаккхар
(ТIаьххьарнаш 23:21-23)

35 Ярушалайм-гIалахь Везачу Элана лерина
*Пасахь* олу дезде даздира Юши-ЯхIус.
Хьалхарчу беттан дейтталгIачу дийнахь дезачу
денна лерина сагIина беанчу Iахарна урс
хьаьккхира. 2 Юши-ЯхIус динан дай дIахIиттийра
шайн-шайн гIуллакх дечу меттигашка. Церан
дегнаш иракарахIиттадора цо Везачу Элан
цIийнаца доьзна долу гIуллакхаш дарна. 3 Берриге
а исраилхошна хьехамаш беш болчу а, Везачу
Элана дIакъастийна болчу а левихошка паччахьо
элира: «Исраилхойн паччахь хиллачу Даудан
кIанта Сулима дIахIоттийначу Везачу Элан цIа чохь
охьахIоттаде Делан деза тIорказ. ХIинца дуьйна иза
дIа а, схьа а лело дезар дац аша. ХIинца дуьйна
вайн Везачу Далла а, Цуьнан халкъ долчу
Исраилан халкъана а гIуллакх де аша.
4 †Исраилхойн паччахь хиллачу Дауда а, цуьнан
кIанта Сулима а, яз а дина, дIахIоттийна ма-
хиллара, шайн доьзалшца а, шайн тобанашкахь а
дIахIитта. 5 Шайн къомах болчу гергарчийн
доьзалшкара хIорра а декъана гIо дархьама, Делан
цIийнан кертахь левихойн доьзалех цхьацца тоба
дIахIоттае. 6 Пасахьана лерина беанчу Iахарна урс
хьакха кечам бе. ЦIандаларца шаьш даз а дайтина,
Везачу Эло Мусагахула аьлларг кхочуш а деш, и
Iахар шайн вежаршна кечбе».
7 Цигахь хиллачу къомах болчу нахана жена
юкъара ткъе итт эзар Iахаррий, буьхьиггий елира
Юши-ЯхIус, царах Пасахьан сагIанаш дахархьама.
Иштта кхо эзар сту а белира цо. И дерриг а
дийнаташ паччахьан хьолан юкъара схьадеанера.
8 Паччахьан баьччанаша а шайн дегнийн лаамца
халкъана а, динан дайшна а, левихошна а сагIина
хIума деара. Делан цIенна тIехь куьйгалла деш
хиллачу Хьалкхи-ЯхIус, Закри-ЯхIус, Яхьиала динан
дайшка Пасахьан сагIина ши эзар ялх бIе Iахар
белира. Кхин а кхо бIе сту а белира цо. 9 Левихошна
тIехь куьйгалла деш волчу Ханан-ЯхIус а, цуьнан
вежарша ШамIа-ЯхIус а, Натунаила а, Хьашби-ЯхIус
а, иштта ЯIиала а, Юзабдис а белира Пасахьан
сагIина лерина пхи эзар Iахар а, буьхьиг а. Иштта
пхи бIе сту а белира цара. Цара делларг левихошна
лерина дара.
10 Иштта дIахIоттийнера и гIуллакх дар. Динан дай
шайн гIуллакх дан дIахIиттира. Левихой а,
паччахьо шайна тIедиллина ма-хиллара, шайн
тобанашкахь гIуллакх дан дIахIиттира. 11 Пасахьана
лерина болчу Iахаршна урс хьаьккхира. Левихойн
карара Iахарех даьлла цIий, схьа а оьцуш, динан
дайша церан цинцаш тухура. Ткъа левихоша тIера
цIока схьайоккхура. 12 Дагоран сагIа санна даха
лерина долу дийнатийн дакъош дIакъастийра
левихоша, тIаьхьо халкъан доьзалийн тобанаша
уьш, Мусан тептар тIехь яздина ма-хиллара, Везачу

† *35:4 2 Шерашкахь 8:14.*

Элана сагIина дахийтархьама. Изза дира цара
стерчашца а. 13 †Хьехамаша тIедиллина ма-хиллара,
Пасахьан Iахар цIартIехь беттира. Ткъа499 даздина
долу сагIина деанарг дакккхий еш чохь, кхабанаш
чохь, кедаш чохь, кхехка а деш, сихонца халкъана
дIадийкъира. 14 Цул тIаьхьа шайна а, динан дайшна
а кечдира цара сагIина деанарг, хIунда аьлча
АхIаронан тIаьхьенах болу динан дай буьйсанна
тIаьххьалц Iийнера дагоран сагIанаш а дохуш,
кхечу сагIанийн мохь а ягош. Цундела шайна а,
АхIаронан тIаьхьенах болчу динан дайшна а
кечъеш яра левихоша юург. 15 ††Дауда а, Асайпа а,
ХIаймана а, Дауд-паччахьна лерина Делера дерг
гуш волчу Ядутун-пайхамаро а шайна тIедиллина
ма-хиллара, Асайпан тIаьхьенах болу зурманчаш
шайн гIуллакх дан билгалъяьхначу меттигашка
дIахIиттийра. Иштта хIора кевнан гIаролхо а вара
шен-шен меттехь лаьтташ. Церан вежарий болчу
левихоша кечйора царна оьшург, цундела уьш
шаьш гIуллакх деш болчуьра меттахбовла оьшуш
дацара. 16 Иштта дIахIоттийнера цу дийнахь Везачу
Элана лерина гIуллакх дар. Иза дIахIоттийнера,
Юши-ЯхIу-паччахьо тIедиллина ма-хиллара,
Пасахьан сагIа дакккхар кхочушдархьама а, Везачу
Элана лерина болчу кхерчана тIехь дийнаташ
дагоран сагIа дакккхархьама а. 17 ‡Цу хенахь цигахь
болчу исраилхоша Пасахьан дезде а даздира, ткъа
цул тIаьхьа ворхI дийнахь совсазчу баьпкан деза
денош даздира цара. 18 Шамъал-пайхамар
ваьхначу заманахь дуьйна схьа цу тайпана
Пасахьан дезде даздина дацара. Юши-ЯхIус а,
динан дайша а, левихоша а, цигахь хиллачу
яхIудхоша а, исраилхоша а, Ярушалайман
бахархоша а даздинчу тайпана, Пасахьан дезде
исраилхойн паччахьех цхьаммо а даздина дацара.
19 Юши-ЯхIус паччахьалла деш долу берхIитталгIа
шо долуш даздинера и де.

### Юши-ЯхIус паччахьалла даран чаккхе

(ТIаьххьарнаш 23:28-30)

20 Цул тIаьхьа, Юши-ЯхIус Делан цIийнаца долу
низам дIахIоттийначул тIаьхьа, мисархойн паччахь
Наху Эпрат-хин йистерачу КIаркамиш-гIалина
уллохь тIом бан вахара. Ткъа Юши-ЯхIу цунна
дуьхьал тIом бан аравелира. 21 Нахус Юши-ЯхIуна
тIе геланчаш бахийтира цуьнга иштта дIаала
аьлла: «Суна а, хьуна а хIун ду иза, яхIудхойн
паччахь? ХIинца со хьуна дуьхьал тIом бан вогIуш
вац, ткъа соьца тIом латтош йолчу пачхьалкхе
вогIуш ву. Дала, сихо е аьлла, тIедиллина суна.
Соьца волчу Далла дуьхьало ма е, хьо Цуьнга ца
вейтархьама». 22 Амма Юши-ЯхIус, иза волчуьра
дIаваха дагахь а воцуш, шен духарш хийцарца ша
мила ву къайладаьккхира, цунна дуьхьал тIом
бархьама. Делан омрица Нахус аьллачу дешнашка
ла а ца дугIуш, Юши-ЯхIу МагIидда олучу аренга
веара тIом бан дагахь.
23 Мисархоша Юши-ЯхIу-паччахьна тIе пхерчий
кхиссира. ТIаккха Паччахьо шен хьаькамашка
элира: «ДIавигалаш со кхузара, хIунда аьлча суна
чIогIа чов хилла». 24 ГIудалкх чуьра схьа а
ваьккхина, цуьнан долахь йолчу кхечу гIудалкхана
чу виллира цара Юши-ЯхIу. Иза Ярушалайме
дIавигира. Цигахь Юши-ЯхIу велира, иза шен дайн
къуббанашкахь дIавоьллира. ЯхIуд-мехкан а,
Ярушалайм-гIалин а дерриг а халкъо белхар
хIоттийнера Юши-ЯхIуна.
25 Ярми-ЯхIу-пайхамаро тийжамаш дIаязбира
Юши-ЯхIуна лерина. Назманаш олучу наха а,
зударша а тахханалц а долчу шайн тийжарийн
назманашкахь Юши-ЯхIух лаьцна олу. И назманаш
Исраил-махкахь ламасташ юкъа дахийтира. Уьш
*Тийжамийн тептарна* юкъа яхийтина ю.
26 Юши-ЯхIус динчу кхидолчу хIуманех лаьцна –
Везачу Элан товрат-хьехамаш кхочушдарна
тешаме хиларца доьзна цо динчу гIуллакхех
лаьцна, 27 дуьххьарлерчу гIуллакхна тIера
тIаьхьарчунна тIекхаччалц – яздина ду *ЯхIудхойн а,
исраилхойн а паччахьийн тептар* тIехь.

### ЯхIудхойн паччахь ЯхIу-Ахьаз

(ТIаьххьарнаш 23:30-35)

36 ЯхIуд-мехкан халкъо Юши-ЯхIун кIант ЯхIу-
Ахьаз, схьа а эцна, Ярушалаймехь шен ден
метта паччахь вина дIахIоттийра. 2 ЯхIу-Ахьазан
ткъе кхо шо дара, иза паччахь хилла дIахIуттуш.
Ярушалайм-гIалахь Iаш а волуш, цо кхаа баттахь
паччахьалла дира. 3 Ярушалаймехь паччахьалла
дечуьра ЯхIу-Ахьаз дIаваьккхира мисархойн
паччахьо. Наху-пирIуно гIуда далар тIедожийра
ЯхIуд-махкана. Иза дара ши бIе пунт дети а, ши
пунт деши а. 4 ‡†ТIаккха ЯхIу-Ахьазан ваша
Элъякъим ЯхIуд-махкахь а, Ярушалаймехь а
паччахь вина дIахIоттийра. Ткъа Элъякъиман цIе
пирIуно хийцира, цунах ЯхIу-Якхам а олуш. Амма
Элъякъим, дIа а лаьцна, Мисар-махка дIавигира
Нахус.

### ЯхIудхойн паччахь ЯхIу-Якхам

(ТIаьххьарнаш 23:36–24:7)

5 ‡‡ЯхIу-Якхаман ткъе пхи шо дара, иза паччахь
дIахIуттуш. Ярушалайм-гIалахь Iаш а волуш, цо
цхьайтта шарахь паччахьалла дира. Шен Везачу
Далла зуламе хеташ долу гIуллакхаш леладора цо.
6 ‡‡†Набухди-Нецар-паччахьо, цунна тIе а летта, иза
схьа а лаьцна, цIастанан буржалш туьйхира цунна,
иза Бавел-гIала дIавигархьама. 7 Везачу Элан цIа
чуьра пхьегIийн цхьа дакъа цо Бавел-гIала
дIадаьхьира. Набухди-Нецара шен динан цIа чу
охьаехкира уьш. 8 ЯхIу-Якхама динчу кхидолчу

† *35:13 Арадаккхар 12:8, 9.* †† *35:15 1 Шерашкахь 25:1.* ‡ *35:17 Арадаккхар 12:1-20.*

‡† *36:4 Ярми-ЯхIу 22:11, 12.* ‡‡ *36:5 Ярми-ЯхIу 22:18, 19; 26:1-6; 35:1-19.* ‡‡† *36:6 Ярми-ЯхIу 25:1-38; 36:1-32; 45:1-5; Даниал 1:1, 2.*

гIуллакхех лаьцна – дегаза долчу хIуманех а, цунна дуьхьал даккха мел карийначу гIуллакхех а лаьцна – яздина ду *Исраилхойн а, яхIудхойн а паччахьийн тептар* тIехь. ЯхIу-Якхаман метта паччахь хилла дIахIоьттира цуьнан кIант ЯхIу-Яхин.

### ЯхIудхойн паччахь ЯхIу-Яхин
(ТIаьххьарнаш 24:8-17)

[9] ЯхIу-Яхинан берхIитта шо кхаьчнера, иза
паччахь дIахIуттуш. Ярушалайм-гIалахь Iаш а
волуш, цо кхаа баттаххьий, итт дийнаххьий
паччахьалла дира. Везачу Элана зуламе хеташ долу
гIуллакхаш леладора ЯхIу-Яхина. [10] †Керла шо
долалуш, Набухди-Нецар-паччахьо геланчаш
бахийтира, ЯхIу-Яхин дIа а лаций, цуьнца цхьаьна
Везачу Элан цIа чуьра еза пхьегIаш а яхьаш, иза
Бавел-гIала дIавалаве аьлла, омра а дина. ЯхIуд-махкахь а, Ярушалаймехь а паччахь вина
дIахIоттийра цо ЯхIу-Яхин гергара волу ЦIадукъ-ЯхIу.

### ЯхIудхойн паччахь ЦIадукъ-ЯхIу
(ТIаьххьарнаш 24:18-20; Ярми-ЯхIу 52:1-3)

[11] ††ЦIадукъ-ЯхIун ткъе цхьа шо дара, иза паччахь
хилла дIахIуттуш. Ярушалайм-гIалахь Iаш а волуш,
цхьайтта шарахь паччахьалла дира цо. [12] ЦIадукъ-
ЯхIу-паччахьо шен Везачу Далла зуламе хеташ
долу гIуллакхаш леладора. Везачу Элера долу дош
схьаолуш волу Ярми-ЯхIу-пайхамар шена уллохь а
волуш, Далла хьалха ша лахвар ца лиира ЦIадукъ-ЯхIуна.

### Ярушалайман йожар
(ТIаьххьарнаш 25:1-21; Ярми-ЯхIу 52:3-11)

[13] ‡Делан цIарах цунна тешаме хир ву аьлла, ша
биъна дуй къар а беш, Набухди-Нецар-паччахьна
дуьхьал велира ЦIадукъ-ЯхIу. Вухахьа а ваьлла, дог
чIагI а дина, цунна ца лиира Исраилан халкъан
Везачу Делехьа юхаверза. [14] Цул сов, динан дайшна
а, халкъана а тIехь куьйгалла деш болчу массара а
Далла тешаме боцуш шайн лелар алсамдаьккхира.
Кхечу къаьмнех болчу наха лелош хилла дегаза
гIуллакхаш цара а леладора. Ткъа Везачу Эло
Ярушалайм-гIалахь даздина долу Цуьнан цIа
сийсаз а дора цара. [15] Шен халкъах а, Шен хIусамах
а Шена къахета Дела, церан дайн Дела волчу
Везачу Эло юх-юха Шен геланчаш бохуьйтура
царна тIе. [16] Амма, Делан дешнех а ца бешаш,
Цуьнан пайхамарех а кхаьрдаш, цара Дала
бахкийтинарш юьхьIаьржачу хIиттабора, Шен
халкъана дуьхьал йолу Делан дералла юха ца
ерззал чIогIа алсам а йоккхуш.
[17] ‡†Везачу Эло хашадхойн паччахь яхIудхошна
дуьхьал ваьккхира. Ткъа цу паччахьо церан Везачу
Элан цIа чохь церан кегийнаш туьраца байира.
Иштта я кегийнаш, я йоIарий, я воккханиг, я
къоьжаниг ца вуьтуш – уьш берриш а дIабелира
Дала Набухди-Нецар-паччахьан кара. [18] Делан цIа
чуьра яккхий а, кегий аерриге а пхьегIаш а, Везачу
Элан цIийнан хазни чуьра а, паччахьан а, цуьнан
баьччанийн а хазнаш чуьра а дерриг хIума а
Бавел-гIала дIадахьийтира цо. [19] ‡‡Хашадхоша
Делан цIа дагийра, гIалин гонахара пен а
охьабожийра. ГIалахь мел долу паччахьан цIа а
дагийра, царна чохь деза мел долу хIума а
хIаллакдира цара. [20] Туьрах беллачарна юкъара
дийна бисинарш Бавел-махка йийсаре дIабигира.
Ткъа парсихойн пачхьалкх дIахIотталц йолчу ханна
царах паччахьан а, цуьнан тIаьхьенан а леш
хилира. [21] ‡‡†И дерриг а иштта хилира, Ярми-
ЯхIугахула Везачу Эло аьлла дешнаш
кхочушхилийтархьама. Лаьтте садоIуьйту шераш
ца даздарна шена дина долу зен лаьтто
такххийтира, ерриг а ша дассийна Iиллинчу ханна
са а доIуш, кхузткъе итт шо дуззалц.

### Къуреш-паччахьо яхIудхой юхаберзабе аьлла тIедиллар
(Iезар 1:1-4)

[22] Парсихойн паччахь волчу Къуреша
паччахьалла дечу хьалхарчу шарахь, Ша Ярми-
ЯхIугахула *ваIда* динарг кхочушдархьама, Везачу
Эло Къурешан са карзахдаьккхира цхьа сацам
дIаязбан а, ткъа и сацам ерриг а цуьнан
пачхьалкхехула дIасакхайкхабайта а:
[23] ‡‡‡«Иштта боху парсихойн паччахь волчу
Къуреша: стигалийн Дела волчу Везачу Эло
дуьненан ерриг а пачхьалкхаш схьаелира суна,
ткъа Цо тIедиллина суна, ЯхIуд-махкахь йолчу
Ярушалаймехь Шена цIа де аьлла. Шуна юкъахь
Везачу Элан халкъах мел болчаьрга Аса боху: шун
Дела шуьца а хуьлийла, шу Ярушалайме а гIойла».

† *36:10 а: Ярми-ЯхIу 22:24-30; 24:1-10; 29:1, 2; Яхьазкхиал 17:12; б: Ярми-ЯхIу 37:1; Яхьазкхиал 17:13.* †† *36:11 Ярми-ЯхIу 27:1-22; 28:1-17.* ‡ *36:13 Яхьазкхиал 17:15.*

‡† *36:17 Ярми-ЯхIу 21:1-10; 34:1-5.* ‡‡ *36:19 Сулим 9:8.* ‡‡† *36:21 Ярми-ЯхIу 25:11; 29:10.* ‡‡‡ *36:23 ЕшаI-ЯхIу 44:28.*

# Iезар

## Дешхьалхе

олучу тептарна тIаьхьа догIучу тIехь дуьйцуш ду Бавел-махке йийсаре бигначул тIаьхьа яхIудхойх цхьаберш цIа берзарх а, Ярушалайм-гIалахь Далла Iамалъяран а, дахаран а карладаккхарх а лаьцна. Хиллачух лаьцна иштташу дакъошкахь дийцина: 1) Парсихойн паччахь волчу Къуреша динчу омрица яхIудхойх хьалхара тоба Бавел-махкара цIа ерзар (1-2 кортош); 2) Делан цIа юхадар а, иза къобалдар а, Далла Iамалъяр карладаккхар (3-6 кортош); 3) Цул тIаьхьа дуккха а шераш девлча, яхIудхойн кхин цхьа тоба Ярушалайм-гIала схьаерзар (7-10 кортош). Цу тобанан тхьамда товрат-хьехамаш кIоргге хууш волу а, Iелам стаг волу а Iезар ву. Цуьнан гIоьнца наха шайн дахар, дине а, юкъаметтигашка а хьаьжжина, карладоккху, Исраилан халкъан динан тIаьхье ларъярхьама.

### Къуреша йийсархошна ЯхIуд-махка цIа берза пурба ло

1 [†]Парсихойн паччахь волчу Къуреша
паччахьалла дечу хьалхарчу шарахь, Ша
Ярми-ЯхIугахула *ваIда* динарг кхочушдархьама,
Везачу Эло Къурешан са карзахдаькккхира цхьа
сацам дIаязбан а, ткъа и сацам дерриг а цуьнан
пачхьалкхехула дIасакхайкхабайта а: 2 [††]«Иштта
боху парсихойн паччахь волчу Къуреша: стигалийн
Дела волчу Везачу Эло дуьненан ерриг а
пачхьалкхаш схьаелира суна, ткъа Цо тIедиллина
суна, ЯхIуд-махкахь йолчу Ярушалаймехь Шена цIа
де аьлла. 3 Веза Эла – Исраилан Дела ву,
Ярушалаймехь волу Дела ву. Шуна юкъахь Везачу
Элан халкъах мел болчаьрга аса боху: шун Дела
шуьца а хуьлийла, шу ЯхIуд-махкарчу Ярушалайме
а гIойла, аша Везачу Элан цIа а дойла. 4 Дийна
бисина болу исраилхой болчу меттигашкарчу
бахархоша гIо дан деза цу нахана. Царна дети а,
деши а, бахам а, *кира* лело даьхни а, шайн лаамца
делла совгIаташ а ло, Ярушалаймехь долчу Делан
цIенна лерина долу».
5 ХьалагIевттира Ярушалайме баха кийча болу
ЯхIудан а, Бен-Яманан а тайпанийн тхьамданаш а,
динан дай а, левихой а. Царах волу хIора стаг а
Ярушалайме Везачу Элана цIа дан воьдуш вара.
Иштта Дала шена чохь и лаам кхоьллина волу
массо стаг цига ваха кечвеллера. 6 Массо а
лулахоша шайн лаамца гIо дора царна
совгIаташца. Цара детин пхьегIашца а, дешица а,
бахамца а, кира лелочу даьхница а, шайн лаамехь
деллачу совгIаташца а гIо дора царна.
7 Къуреш-паччахьо Везачу Элан массо а хIума
арадаькккхира, Набухди-Нецара, Ярушалаймера ара
а даькххина, шен харцделанийн цIа чу
охьадиллина долу. 8 Парсихойн паччахь волчу
Къуреша шен хазна карахь йолчу Митрудатина
тIедиллира и хIуманаш цигара араяхар.
Митрудатис уьш ЯхIудан эла волчу Шишбацаран
кара дIаелира. 9 Цигара араяьхна йолу хIуманаш
хIорш ю:

дешин бошхепаш – ткъе итт;
детин бошхепаш – цхьа эзар;
арсаш – ткъе исс;
10 дешин кедаш – ткъе итт;
кхидолу детин кедаш – биъ бIе итт;
кхидолу кедаш – цхьа эзар.

11 Ерриг а цигахь хилларг пхи эзар йиъ бIе
детиххий, дешиххий йина пхьегIа яра. Шишбацара
и хIуманаш йийсархой Бавелера Ярушалайме
юхабоьлхуш шеца дIаяьхьира.

### Юхабирзинчу йийсархойн дукхалла

(Нахьми-ЯхIу 7:4-73)

2 ХIорш бу цу мехкан массо а маьIIера болу
йийсарера юхабаьхкина болу нах. Бавеларчу
паччахьо Набухди-Нецара уьш Бавеле йийсаре
дIабигна хилла, ткъа хIинца Ярушалайме а, ЯхIуд-
махка а хIора стаг шен-шен гIала юхавирзина.
2 Оцу нехан куьйгалхой бара: Зурбабел, ЮшаI,
Нахьми-ЯхIу, Сари-ЯхIу, РаIал-ЯхIу, Мардахай,
Билшан, Миспар, БигIвай, Рахьим, БаIна.

ХIорш ю юхабаьхкинчу исраилхойн цIераш:
3 ПарIушан тIаьхьенах берш – ши эзар цхьа бIе
кхузткъе шийтта стаг (2172);
4 Шапат-ЯхIун тIаьхьенах берш – кхо бIе кхузткъе
шийтта стаг (372);

† 1:1 *Ярми-ЯхIу 25:11; 29:10.* †† 1:2 *ЕшаI-ЯхIу 44:28.*

5 Арахьин тIаьхьенах берш – ворхI бIе кхузткъе
пхийтта стаг (775);
6 Пахьат-Муабин тIаьхьенах болчу ЮшаIан а,
Йоабан а доьзалшкара – ши эзар бархI бIе шийтта
стаг (2812);
7 Iейламан тIаьхьенах берш – цхьа эзар ши бIе
шовзткъе вейтта стаг (1254);
8 Затун тIаьхьенах берш – исс бIе шовзткъе пхи стаг
(945);
9 Закайн тIаьхьенах берш – ворхI бIе кхузткъа стаг
(760);
10 Банин тIаьхьенах берш – ялх бIе шовзткъе ши
стаг (642);
11 Бебайн тIаьхьенах берш – ялх бIе ткъе кхо стаг
(623);
12 IазгIадин тIаьхьенах берш – цхьа эзар ши бIе
ткъе ши стаг (1222);
13 Адуникхаман тIаьхьенах берш – ялх бIе кхузткъе
ялх стаг (666);
14 БигIвайн тIаьхьенах берш – ши эзар шовзткъе
ялхитта стаг (2056);
15 Iадин тIаьхьенах берш – виъ бIе шовзткъе вейтта
стаг (454);
16 Атари аьлла, кхин цIе йолуш волчу Хьузакх-ЯхIун
доьзалера – везткъе берхIитта стаг (98);
17 Бецайн тIаьхьенах берш – кхо бIе ткъе кхо стаг
(323);
18 Йоврин тIаьхьенах берш – цхьа бIе шийтта стаг
(112);
19 Хьашуман тIаьхьенах берш – ши бIе ткъе кхо стаг
(223);
20 Гибарин тIаьхьенах берш – везткъе пхийтта стаг
(95);
21 Байтлахам-гIалин бахархойн тIаьхьенах берш –
цхьа бIе ткъе кхо стаг (123); 22 НатIупат-гIалин
бахархойн тIаьхьенах берш – шовзткъе ялхитта
стаг (56); 23 Iанатот-гIалин бахархойн тIаьхьенах
берш – цхьа бIе ткъе бархI стаг (128); 24 Iазмават-
гIалин бахархойн тIаьхьенах берш – шовзткъе ши
стаг (42); 25 Кхиръят-ЯIариман, Капира-гIалин,
Баировтан бахархойн тIаьхьенах берш – ворхI бIе
шовзткъе кхо стаг (743); 26 Рамера а, ГибаI-гIалин а
бахархойн тIаьхьенах берш – ялх бIе ткъе цхьа стаг
(621); 27 Михмасан бахархойн тIаьхьенах берш –
цхьа бIе ткъе ши стаг (122); 28 Бетал-гIалин а, ГIай-
гIалин а бахархойн тIаьхьенах берш – ши бIе ткъе
кхо стаг (223); 29 Набу-гIалин бахархойн тIаьхьенах
берш – шовзткъе шийтта стаг (52); 30 МагIбиш-
гIалин бахархойн тIаьхьенах берш – цхьа бIе
шовзткъе ялхитта стаг (156); 31 Iейлам-гIала цIе
йолчу вукху гIалара бахархойн тIаьхьенах берш –
цхьа эзар ши бIе шовзткъе вейтта стаг (1254);
32 Хьарми-гIалара бахархойн тIаьхьенах берш – кхо
бIе ткъа стаг (320); 33 Лодди-юьртара а, Хьадидара а,
Овну-гIалара а бахархойн тIаьхьенах берш – ворхI
бIе ткъе пхи стаг (725); 34 Ерихонера бахархойн
тIаьхьенах берш – кхо бIе шовзткъе пхи стаг (345);
35 Саниара бахархойн тIаьхьенах берш – кхо эзар
ялх бIе ткъе итт стаг (3630).
36 Динан дай:
Яди-ЯхIун тIаьхьенах волчу ЮшаIан доьзалера –
исс бIе кхузткъе кхойтта стаг (973);
37 Амиран тIаьхьенах берш – цхьа эзар шовзткъе
шийтта стаг (1052);
38 Пашихьуран тIаьхьенах берш – цхьа эзар ши бIе
шовзткъе ворхI стаг (1247);
39 Хьармин тIаьхьенах берш – цхьа эзар вуьрхIитта
стаг (1017).
40 Левихойн тайпанах болу нах:
ЮшаIан а, Кхадмиалан а тIаьхьенах болчу ХIудав-
ЯхIун доьзалера – кхузткъе вейтта стаг (74).
41 Илланчаш:
Асайпан тIаьхьенах берш – цхьа бIе ткъе бархI стаг
(128).
42 Делан цIийнан кевнерачу гIаролхойн
тIаьхьенах берш:
Шалуман а, Атарин а, ТIулманан а, Iакхубин а,
Хьататин а, Шубайн а тIаьхьенах берш – цхьа бIе
ткъе ткъайоьсна стаг (139).
43 Делан цIийнан кертахь гIуллакх деш болчу
ялхойн тIаьхьенах берш:
Цихьин а, Хьашупин а, ТабуIатин а,
44 Кхейрусан а, СияIан а, Падунан а,
45 Либанин а, ХьагIабин а, Iакхубин а,
46 ХьагIибан а, Шалмайн а, Хьананан а,
47 Гидалан а, Гахьарин а, Раи-ЯхIун а,
48 Рицанан а, Накхудин а, Газамин а,
49 Iузин а, Писухьан а, Бесайн а,
50 Аснин а, МуIаниман а, Напусиман а,
51 Бакхбукъан а, Хьакъупин а, Хьархьуран а,
52 Бацлутин а, Махьдин а, Хьарашин а,
53 Баркусин а, Сисрин а, Тамухьан а,
54 Нацухьан а, Хьатапин а тIаьхьенех берш.
55 Сулим-паччахьан ялхой хиллачеран тIаьхьенех
берш:
Сутайн а, Супартин а, Парудин а,
56 ЯIлин а, Даркхунин а, Гидалан а,
57 Шапат-ЯхIун а, Хьатилан а, Пукрати-ХIацубайман
а, Амун а тIаьхьенех берш.
58 Делан цIийнан кертахь гIуллакх деш болчу
ялхойн а, Сулим-паччахьан ялхойн а тIаьхьенах
берш а верриг а кхо бIе везткъе шийтта (392) стаг
вара.
59 Цхьаболу нах Ярушалайме Тал-Маликера а, Тал-
Хьаршара а, Каруб-гIалара а, Аддан-гIалара а,
Амир-гIалара а баьхкинера. Амма цу нехан аьтто
бацара, шаьш Исраилан халкъах схьадевлла ду
аьлла, шайна гонах берш тешо: 60 Дали-ЯхIун а,
ТIуби-ЯхIун а, Накхудин а тIаьхьенах берш – ялх бIе
шовзткъе шийтта стаг вара (652).
61 Динан дайн доьзалшкара цигахь бара: Хьаби-
ЯхIун а, Къоцин а, Барзалайн а тIаьхьенех берш. (И
тIаьхьарниг, Барзалай аьлла цIе тиллина вара,
хIунда аьлча ГалIадарчу Барзалайн йоI ялийнера
цо, ткъа цул тIаьхьа цо и цIе шениг санна лорура.)

62 И нах доьзалийн тептарш тIехь шайн цIераш
лоьхуш бара, амма царна уьш ца карайора.
Цундела уьш динан дай санна тIе ца ийцира.
63 †ЯхIудан мехкадас цкъачунна Далла сагIина
баькkхина беза кхача баар ца магийнера царна,
коьрта *динан да*, схьа а веана, *Урим а*, *Тумим а*
олучу дезачу тIулгех Деле хIун дан деза аьлла
хатталц.
64 Массо а йийсарера юхайирзинчу тобанна
юкъахь шовзткъе ши эзар кхо бIе кхузткъа стаг
вара, 65 царна юкъара леш ца лерича. Ткъа уьш
ворхI эзар кхо бIе ткъе вуьрхIитта лай а, *гIарбаш* а
яра. Кхин а цаьрца зударех а, божарех а волу ши
бIе илланча а вара. 66 Цаьргахь ворхI бIе ткъе
ялхитта говр а, ши бIе шовзткъе пхиъ говр-бIарза
а, 67 йиъ бIе ткъе пхийтта эмкал а, ялх эзар ворхI
бIе ткъа вир а яра.
68 И тоба Ярушалаймехь долчу Везачу Элан цIа
долчу дIакхаьчча, доьзалийн дайх цхьаболчара
шайн лаамца совгIаташ делира, хиллачу меттигехь
Везачу Элан цIа карладаккхархьама. 69 Цу наха
хазни чу шайга далуш долу совгIаташ дира. Цара
кхузткъе цхьа эзар хиллал долу дарик олу деши
ахча †† а, пхи эзар мин дети ахча ‡ а, цхьа бIе динан
дайша лелош йолу бедарш а елира.
70 ‡†Иштта динан дай а, левихой а, кхиболу нах а
шайн-шайн гIаланашкахь ‡‡ баха охьахевшира.
Царна юкъахь бара илланчаш а, Делан цIийнан
кевнера гIаролхой а, Делан цIийнан кертахь
гIуллакх деш болу ялхой а. Ткъа Исраилан важа
долу халкъ шайн-шайн гIаланашкахь даха
охьахиира.

## СагIа доккхуш болу кхерч меттахIоттор

3 Шеран ворхIалгIа бутт тIекхаьчча, Исраилан
халкъ шайн гIаланашкахь даха охьахиинера.
Уьш массо а Ярушалаймехь цхьаъ хилла
вовшахкхийтира. 2 ‡‡†Динан дай болчу шен
гергарчаьрца цхьаьна динан ден ЮцIдукъан кIанта
ЮшаIа а, шен гергарчаьрца цхьаьна Шалтаалан
кIанта Зурбабела а Исраилан Далла *сагIа доккху
кхерч* бира, цунна тIехь дийнаташ дагоран
сагIанаш дахархьама. Цара и кхерч Делан стаг
волчу Мусан товрат-хьехамашна тIехь тIе-ма-
диллара бина дIахIоттийра. 3 ‡‡‡Шайна гонах долчу
къаьмнех уьш кхоьруш хиллехь а, цара и кхерч
хьалха хиллачу метте дIахIоттийра. Цул тIаьхьа
Iуьйранна а, суьйранна а Везачу Элана лерина
долу дийнаташ дагоран сагIанаш даха хIиттира
уьш. 4 §Цул тIаьхьа, товрат-хьехамашна тIехь ма-
хиллара, кхалорийн деза денош §† дIахIиттийра
цара. ХIора денна лерина долу дийнаташ дагоран
сагIанаш дехира цара. 5 §††Цул тIаьхьа хIора
дийнахь доху дийнаташ дагоран сагIанаш а, бутт
цIинлучу хенахь доху сагIанаш а, кхидолу Везачу
Элана лерина долу деза денош билгалдохучу
хенахь доху сагIанаш а, шайн лаамца доху
сагIанаш а даха хIиттира уьш. 6 Иштта шеран
ворхIалгIачу беттан хьалхарчу деношкахь
исраилхоша юха а дийнаташ дагоран сагIанаш
даха долийра, Делан цIийнан бух хIинца а бина
бацахь а.

## Делан цIа юхаметтахIотто доладо

7 Цул тIаьхьа йийсарера юхабирзинчара тIулг
боккхуш болчарна а, дечиг-пхьерашна а ахча лора,
ткъа цIаданхошний, цорахошний даа-мала а,
зайтдаьтта а лора, цаьрга хIорда тIехула
Ливанунера Яппе кхаччалц баганан дитташ
дIададахьийта. Парсихойн паччахь волчу Къуреша
царна цу тIехь пурба деллера. 8 Ярушалаймехь
лаьттачу *Делан цIа* долчу шаьш схьадаьхкина
шолгIачу шеран шолгIачу баттахь Шалтаалан
кIанта Зурбабела а, ЮцIдукъан кIанта ЮшаIа а
болх дIаболийра. Цаьрца бара церан гергарнаш:
динан дай а, левихой а, йийсарера Ярушалайме
юхабирзина болу берриг нах а. Цара шайна
юкъара ткъа шарал хан тIехъяьлла болу левихой
хаьржира Делан цIа дечу белхалошна тIехь
куьйгалла латтадайта. 9 ЮшаI а, цуьнан вежарий а,
кIентий а, иштта Кхадмиал а, цуьнан кIентий а
(уьш ХIудав-ЯхIух §‡ схьабевллера) бара Делан
цIенна тIехь беш болчу балхана тIехь куьйгалла
деш. Иштта цаьрца бара левихой болу Хьенидадан
кIентий а, церан вежарий а, кIентий а.
10 §‡†ГIишлоярхой Делан цIийнан бух боьттина
бевлира. ТIаккха динан дайша, шайн духарш тIе а
дуьйхина, турбанаш каралецира, ткъа левихо
волчу Асайпин кIенташа схьаийцира шинна а
куьйгаца вовшахдетташ долу цIестан жима
негIарш. Цара массара а шайн-шайн меттигаш
дIалецира Везачу Элана хастамаш бан. И хIума
цара Исраилан паччахь хилла волчу Даудан
весетаца дира. 11 §†Хастамаш а беш, баркаллаш а
бохуш, цара, кар-кара а оьцуш, Везачу Элана
леринчу иллешкахь дIаолура:
«Веза Эла ма дика ву,
массо а ханна бу Исраилан халкъе болу
Цуьнан хедар боцу безам».
Дерриг а халкъо хазахетарца мохь беттара,
Везачу Элана хастамаш а беш, хIунда аьлча Делан
цIийнан бух боьттина баьллера. 12 Амма хан яьлла
а, хьалха кхузахь хилла долу Делан цIа гина а
дукхахболу динан дай а, левихой а, тайпанийн
хIора шеран ворхIалгIачу баттахь, ялта кхиарна баркалла кхайкхош, дIахIоттош хилла, ворхI дийнахь лаьтташ а хилла.

† 2:63 Лелар 27:21. †† Кхузткъе цхьаъ эзар дарик олу деши ахча – иза пхи бIе кийланан барам бу. ‡ Пхи эзар мин дети ахча – иза кхо эзар кийланан барам бу. ‡† 2:70 Арадаккхар 9:2; Нахьми-ЯхIу 11:3. ‡‡ Шайн-шайн гIаланашкахь – цхьана ширачу гочдар тIехь: Ярушалаймехь а, цунна гонах а. ‡‡† 3:2 Арадаккхар 27:1. ‡‡‡ 3:3 Лелар 28:1-8. § 3:4 Лелар 29:12-38. §† Кхалорийн деза денош – и дезде хIора шеран ворхIалгIачу баттахь, ялта кхиарна баркалла кхайкхош, дIахIоттош хилла, ворхI дийнахь лаьтташ а хилла. §†† 3:5 Лелар 28:11–29:39. §‡ ХIудав-ЯхIух – я иштта: ЯхIудах. Хьажа аят 2:40. §‡† 3:10 1 Шерашкахь 25:1. §† 3:11 1 Шерашкахь 16:34; 2 Шерашкахь 5:13; 7:3; Забур 99:5; 105:1; 106:1; 117:1; 135:1; Ярми-ЯхIу 33:11.

тхьамданаш а, керлачу Делан цIийнан бух
боьттина шайна гича, мохь а бетташ, боьлхуш
бара. Ткъа вукхарах дукххахболчара хазахетарца
маьхьарий деттара. [13] Царна юкъахь къасталуш
дацара боьлхуш болчеран а, хазахетарца
маьхьарий детташ болчеран а аьзнаш, хIунда
аьлча геннара схьахезаш дара церан аьзнаш.

### Делан цIа юхаметтахIотторна дуьхьалбовлар

4 ЯхIудхойн а, бен-яманхойн а мостагIашна
дIахезира, йийсарера юхабирзинарш
Исраилан халкъан Везачу Далла цIа деш бу аьлла.
[2] Зурбабелана а, тайпанийн хьалхарчу нахана а тIе
а баьхкина, цара элира: «Тхоьга а шайца цхьаьна
болх байта, хIунда аьлча тхо а ду шун Далла Iамал
еш. Ашурхойн паччахь волчу Эсар-Хьадуна тхо
кхуза далийча дуьйна схьа, тхо Цунна лерина долу
сагIанаш дохуш ду».
[3] Амма Зурбабела а, ЮшаIа а, тайпанийн
хьалхарчу нахах кхиболчара а цаьрга элира: «ХIан-
хIа, аша бийр бац тхоьца *Делан цIа* деш болх. Оха
тхаьш дийр ду Исраилан халкъан Везачу Далла цIа,
парсихойн паччахь волчу Къуреша тхайна тIе-ма-
диллара».
[4] ТIаккха оцу махкахь Iаш хиллачу нахана
яхIудхой бохо а, къахко а дагадеара, цаьрга Делан
цIа кхин дIа ца дайтархьама. [5] Цара хьехамчаш
лецира, уьш яхIудхошна дуьхьалбахархьама. И
хIума парсихойн паччахь волчу Къурешан
паччахьалла мел ду льаттира, цуьнан метта Дари-
Ваша † паччахь дIахIотталц.

### Ярушалайм юхаметтахIотторна дуьхьалдаккхар

[6] ††Ахьаш-Варуш Парси-махкахь паччахьалле
веанчу хенахь, яхIудхойн мостагIаша Ярушалайман
а, ЯхIудан а бахархой бехкебеш кехат яздира.
[7] Артахь-Шашта Парси-махкахь паччахь хилла
дIахIоьттинчу хенахь, царах цхьаболчу наха юха а
яхIудхой бехке беш кехат яздира. И кехат яздинарш
бара: Бишулам, Митрудати, Табиал, иштта кхиберш
а. Цара кехат Артахь-Шаште арамхойн маттахь а,
арамхойн йозанца а яздинера ‡.
[8] ТIаккха мехкада волчу Рахьима а, йозанча волчу
Шимшайс а Ярушалаймехь дехаш долчу халкъана
дуьхьал кехат яздира. Шаьш иштта довзийтира
цара Артахь-Шашта-паччахьна:
[9] «Кехат дIаяздина дара мехкада волчу Рахьимера
а, йозанча волчу Шимшайгара а, цаьрца цхьаьна
куьйгалла деш долчу кхелахошкара а,
куьйгалхошкара а. Ткъа уьш бу Тарпал-махкара а,
Эрахь-махкара а, Парси-махкара а, Бавел-махкара
а, Iейлам-махкахь йолчу Шушан-гIалара а.
[10] Цаьрца цхьаьна дIаяздора кхиболчара а, веза,
сийлахь волчу Оснапарис Шамран-махка а, Эпрат-
хина малхбузехьа долчу латтанашка дIабигна
болчу».
[11] ХIара бу цара Артахь-Шашта-паччахье
дахьийтина долчу кехатан чулацам:
«Паччахь волчу Артахь-Шаште – Эпрат-хин
малхбузехьа йолчу агIонгахь бехаш болчу хьан
ялхошкара. [12] Паччахьна дIахоийла лаьа тхуна, хьо
волчуьра арабевлла болу яхIудхой, тхо долчу юха а
бирзина, Ярушалайме бахана хилар. Уьш и аьрха а,
вон а гIала юхаметтахIотто гIерташ бу. Цара
хIинцале а бух а боьттина, пенаш тодеш а бу уьш.
[13] Нагахь санна и гIала юхаметта а хIоттийна,
цуьнан пенаш а дина уьш бовлахь, цара я ясакх а
токхур яц, я ерриг а ял а лур яц. Иза бахьана долуш
паччахьан хазнина доккха зен хир ду. [14] Иштта,
паччахьан цIен тIера алапаш тхуна луш долу дела
‡†, тхоьга ца лало паччахьна зен хилар, цундела оха
хаам беш хIара кехат яздо хьоьга. [15] Паччахь
Артахь-Шашта, хьайл хьалха паччахьаллехь
хиллачара дIаяздайтинчу тептарш тIе
хьажийтахьара ахьа. Цигахь карор ду хьуна
Ярушалайм аьрха гIала хиларан тоьшалла. И хIума
бахьана долуш дукххахболчу паччахьашна а,
мехкашна а даккхий зенаш хилла. Тоххара дуьйна
цу гIалахь гIаттамаш хилла. Цундела иза йоха а
йина. [16] Цундела оха паччахье хаам бо: нагахь
санна, цу гIалин пенаш хьала а доьттина, иза
юхадIахIоттаяхь, Эпрат-хил дехьа хьан долахь
латтанаш хир дац».
[17] Артахь-Шашта-паччахьо цу кехатна дуьхьал,
жоп луш, кехат дахьийтира:
«Мехкада волчу Рахьиме а, йозанца болх беш
волчу Шимшайга а, иштта массо а Шамран-гIалахь
а, кхечу Эпрат-хин малхбузехьа йолчу агIонгахь
цаьрца цхьаьна куьйгалла деш болчаьрга а.
Маршаллаш ду шуьга, иштта кхин дерриш
диканаш а. [18] Аша даийтина долу кехат, гоч а дина,
суна дIадешна. [19] Аса омра дина, сол хьалха
паччахьаллехь хиллачара дIаяздайтина долчу
тептарш тIехь дерг схьалаха аьлла.
Билгалдаьллера Ярушалайм дукха хенахь дуьйна
паччахьашна дуьхьал льаттина хилар.
Ярушалаймехь дукхазза а гIаттамаш хилла.
[20] Ярушалаймехь чIогIа нуьцкъала паччахьаш
хилла. Цара шаьш паччахьаллехь болчу хенахь цу
гIалахь а, Эпрат-хина малхбузехьа йолчу агIонгахь
мел долчу латтанаш тIехь а куьйгалла дина, цу
нахе ясакх токхуьйтуш а хилла, цаьргара ял
схьагулъеш а хилла. [21] Ткъа аша хIинца цу нахана
тIедилла деза, Ярушалайм юхаметтахIоттош шаьш
болийна болу белхаш аса шайна пурба даллалц
совцабе аьлла. [22] Ларлолаш, цу хIуманна тIехь

† *Дари-Ваша – оцу гIуллакхех лаьцна ткъе доьалгIачу аятана тIера кхидIа дуьйцуш ду. ЯлхалгIачу аятана тIера ткъе кхоалгIачу аятана тIекхаччалц дуьйцуш дерг бIе шо сов хан яьллачул тIаьхьа ду.* †† *4:6 Эсират 1:1 (грекахойн).* ‡ *БорхIалгIачу аятана тIера дуьйна, йолхалгIачу коьртан берхIитталгIачу аятана тIекхаччалц Iебархойн меттан метта хIара тептар арамхойн маттахь яздина ду. Арамхойн мотт парсихойн пачхьалкхан мотт бара.*

‡† *Паччахьан цIен тIера алапаш тхуна луш долу дела – ма-дарра аьлча: паччахьан цIен тIера туьха дууш тхо долу дела.*

шаьш кхоа ма делаш. Пачхьалкхана дуьхьал зе
хиллал и хIума сов ма далийталаш!»
23 Артахь-Шашта-паччахьо дахьийтина долу кехат
Рахьимана а, йозанча волчу Шимшайна а, цаьрца
цхьаьна куьйгалла деш болчарна а хьалха
дIадешна ма-делли, цара, сихха яхIудхой болчу
Ярушалайме а бахана, шайн нуьцкъалчу куьйгаца
цаьрга болийна болу белхаш сацабайтира.

### Делан цIа юхаметтахIоттор юха а доладар

24 †Ярушалаймехь долчу Делан цIенна тIехь беш
болу белхаш сацийнера. И болх сацийначохь
лаьттира Парсин-мехкан паччахь Дари-Ваша
паччахьаллехь волу шолгIа шо доладаллалц.
5 ††Цу хенахь Хьагай-пайхамар а, иштта Iидун
кIант Закри-ЯхIу-пайхамар а Исраилан халкъан
Делан цIарах ЯхIуд-махкахь а, Ярушалаймехь а
болчу яхIудхошка Делера болу хаамаш бан
волавелира. 2 ‡ТIаккха Шалтаалан кIант волу
Зурбабел а, ЮцIдукъан кIант волу ЮшаI а юха а
Ярушалаймехь долчу Делан цIен тIехь болх бан
волавелира. Царна накъосталла деш Делан
пайхамарш а бара.
3 Цу хенахь царна тIевеара Эпрат-хил
малхбузехьа долчу латтанашна тIехь хьаькам волу
Татинай. Цуьнца цхьаьна Шатар-Бузнай а вара,
шеца цхьаьна куьйгалхой а болуш. Цара Зурбабеле
а, ЮшаIе а хаьттира: «Шуна хьан бакъо елла хIара
Делан цIа дан а, кхуьнан пенаш дина довлийта а?»
– аьлла. 4 ТIаккха оха дIайийцира царна и гIишло
еш болчеран цIераш. 5 Амма Дела яхIудхойн
тхьамданаш ларбеш вара. Цара шайн болх саца ца
бира, шаьш Дари-Ваша-паччахье хаам дIа а
бахьийтина, цунна дуьхьал шайна жоп даллалц.
6 Эпрат-хил малхбузехьарчу латтанаш тIехь
хьаькам волчу Татинайс а, иштта Шатар-Бузнайс а,
Эпрат-хил малхбузехь цаьрца цхьаьна куьйгалла
деш болчара а паччахь волчу Дари-Ваше
дахьийтина кехат иштта ду. 7 Кехатан чулацам
хIара бу:
«Боккхачу машарехь Iойла хьо, Дари-Ваша-
паччахь! 8 Паччахьна дIахоийла тхо яхIудхойн
махкахь долчу Веза Воккха волчу Делан цIа дахана
хилар. ЯхIудхоша и цIа даккхийчу тIулгех деш ду, цу
тIулгашна юккъе дечиган дукъош а хIиттош.
ЯхIудхоша и болх лерина беш бу, церан куьйгаша
иза кхиамца а бо. 9 Оха церан тхьамданашка
хаьттира: „Шуна хьан елла бакъо хIара Делан цIа
дан а, кхуьнан пенаш дина далийта а?“ – аьлла.
10 Цул сов, оха церан цIераш а хаьттира. Тхан
Iалашо яра церан цIераш дIаязъяр, церан коьртехь
берш хьуна бовзийтархьама. 11 Цара тхоьга делла
долу жоп иштта дара: „Стигалан а, лаьттан а Дела
Волчун леш ду тхо. Дуккха а шераш хьалха дина
долу Делан цIа юхаметтахIоттош ду тхо. ХIара цIа
Исраилан халкъан сийлахьчу паччахьо дина
чекхдаьккхина а ду. 12 ‡†Амма тхан дайша стигалара
Дела оьгIазвахийтира. ТIаккха Дала Бавел-мехкан
паччахь волчу хашадхочун Набухди-Нецаран кара
дIабелира тхан дай. Набухди-Нецара Делан цIа
доха а дина, халкъ Бавеле дIадигира. 13 ‡‡Амма ша
паччахьалла дечу хьалхарчу шарахь Бавелан
паччахь волчу Къуреша леррина омра дира, Делан
цIа юхаметтахIоттаде аьлла. 14 Набухди-Нецара,
Ярушалаймехь долчу Делан цIа чуьра ара а яьхна,
Бавелехь долчу деланийн цIа чу яьхьна йолу
дешин а, детин а пхьегIаш, Къуреша, юха а
Бавелехь долчу деланийн цIа чуьра ара а яьхна,
ЯхIудан мехкада хIоттийна волчу Шишбацаре
дIаелира. 15 Къуреша Шишбацаре элира: ‘ХIара
дешин а, детин а хIуманаш, схьа а эций,
Ярушалаймехь долчу Делан цIа чу юха дIахьо. Ткъа
Делан цIа ша хьалха хиллачу меттехь дIахIоттаде’.
16 ТIаккха Шишбацара, юха схьа а веана,
Ярушалаймехь Делан цIийнан бух боьттира.
ХIетахь дуьйна схьа и цIа деш а ду, хIинца а дина
далаза а ду“. 17 Нагахь санна хьайн лаам хилахь,
Бавелехь долчу паччахьийн тептарш тIехь
дIаяздинарг лахийта, Къуреш-паччахьо баккъал а,
Ярушалаймехь Делан цIа дан мегар ду аьлла, пурба
делла хилар хаархьама. Цул тIаьхьа тхоьга кехат
дайитахьара ахьа, цу гIуллакхна тIехь хьан лаам
муха бу тхуна дуьйцуш».

### Къуреш-паччахьо дина омра тептарш тIехь карадар

6 Цул тIаьхьа Дари-Ваша-паччахьо тIедиллира,
Бавел-гIалахь йолчу пачхьалкхан хазни чохь
дIадиллина долчу тептарш тIера цу хIуманах
лаьцна дIаяздинарг схьалаха аьлла. 2 Мадай-
махкахь лаьттачу Ахьмати-гIалин паччахьан цIа
чохь карийра цхьа тептар. Цу тептар тIехь яздина
хилла:
«Диц ца далийта:
3 Шен паччахьалла дIахIоьттинчу хьалхарчу
шарахь Къуреш-паччахьо Ярушалаймехь долчу
Делан цIийнах лаьцна омра дира. СагIанаш доху
меттиг санна *Делан цIа* дIахIоттаде, ткъа цуьнан
бух юхаботта. Цу цIийнан лакхалла кхузткъа дол,
шоралла а кхузткъа дол хила еза. 4 Цу цIийнан
пенаш иштта дина хила деза: даккхийчу тIулгех
динчу кхоккха могIарна тIе дечиган бIогIамех бина
цхьа могIа билла. Ерриг а харж паччахьан хазни
чуьра схьаэца еза. 5 Делан цIенна чуьра йолу дашо
а, дато а пхьегIаш, Набухди-Нецара Ярушалаймехь
долчу Делан цIа чуьра схьа а эцна, Бавел-гIала
дIаяьхьна йолу, шайн метте Ярушалаймехь долчу
Делан цIа чу юхаерзо еза. Царах йолу хIора хIума
Делан цIа чу шайн-шайн метте охьайилла еза».

*† 4:24 Хьагай 1:1; Закри-ЯхIу 1:1. †† 5:1 Хьагай 1:1; Закри-ЯхIу 1:1. ‡ 5:2 Хьагай 1:12; Закри-ЯхIу 4:6-9.*

*‡† 5:12 2 Шерашкахь 36:17-20; Ярми-ЯхIу 52:12-15. ‡‡ 5:13 Iезар 1:2-11.*

### Дари-Ваша-паччахьо Делан цIа кхидIа а дан тIедиллар

[6] Цул тIаьхьа Дари-Ваша-паччахьо иштта жоп
дIадахьийтира: «Эпрат-хил малхбузерчу меттигийн
хьаькам волу Татинай а, Шатар-Бузнай а, цуьнца
цхьаьна цигахь куьйгалла деш берш а
Ярушалаймехь деш долчунна юкъагIерта ца беза.
[7] Делан цIенна тIехь беш болу белхаш саца ма
белаш. ЯхIудхойн мехкадас а, церан тхьамданаша а
Делан цIа ша хьалха хиллачу метте дIахIоттаде.
[8] Делан цIа деш болчу яхIудхойн тхьамданашна гIо
дар аса шуна тIедуьллу. Иштта Эпрат-хил
малхбузерчу латтанашкара схьагулдинчу ясаккхах
долу хIума паччахьан хазни чуьра, сихонца схьа а
эций, цу цIен тIехь болх беш болчу нахана дIало и
болх цаьрга саца ца байта. [9] Цу нахана царна
оьшуш мел долу хIума дIало. Динан дайшна
стигаларчу Далла дагоран сагIанаш даха эсий,
уьстагIий я Iахарш эшахь, царна уьш дIало. Нагахь
санна Ярушалаймерчу динан дайша кIа а, туьха а,
чагIар а, даьтта а дехахь, уьш а царна, кхоа ца деш,
хIора дийнахь дIало. [10] ЯхIудхойн динан дайшна и
шадерг а дIало, цаьрга стигаларчу Далла хазахеташ
долу сагIанаш дахийта а, паччахьан а, цуьнан
кIентийн а дахарна тIера доIанаш дайта а.
[11] Аса иштта омра до: нагахь санна цхьаммо хIара
омра кхочуш ца дахь, цу стеган цIийнах боллуш
болу бIогIам схьа а баькккхина, иза цу бIогIамана
тIевогIа. И зулам бахьана долуш цуьнан цIенойх
сьлнаш ян еза. [12] Ярушалайм Шен цIе язъян
хаьржинчу Дала таIзар дойла хIара аса аьлларг
хуьйцур долуш волчу я Ярушалаймехь долу Делан
цIа дохо шен куьг дIакховдийначу муьлхха а
паччахьна а, халкъана а.
Аса, Дари-Вашас, хIара омра дина. Аса аьлла ма-
хиллара, хIара кхочушдойла».

### Делан цIа дина далар а, иза къобалдар а

[13] ТIаккха Эпрат-хил малхбузехьарчу меттигийн
хьаькам волчу Татинайс а, Шатар-Бузнайс а,
цаьрца цхьаьна куьйгалла деш болчара а, Дари-
Вашас ма-аллара, цуьнан омра хила ма-деззара
кхочушдора. [14] †ЯхIудхойн тхьамданаша Делан цIа
даран балха тIехь кхиамаш бохура, Хьагайс а, Iидун
кIант волчу Закри-ЯхIус а Делера болчу
хаамашкахула уьш иракара а хIиттош. Цара
Исраилан Дела волчун лаамца, Парси-мехкан
паччахьаша Къуреша а, Дари-Вашас а, иштта
Артахь-Шаштас а ма-аллара кхочушдора шайна
тIедиллинарг. [15] Делан цIа дина делира Адар-беттан
кхозлагIчу дийнахь, Дари-Ваша паччахьаллехь
волчу йолхалгIачу шарахь. [16] Исраилан халкъо
хазахетарца даздира Делан цIа къобалдар. Царна
юкъахь бара динан дай а, левихой а, иштта
йийсарера юха мел бирзинарш а. [17] Делан цIа
къобалдечу хенахь цара Далла сагIа доккхуш бIе
сту а, ши бIе уьстагI а, биъ бIе Iахар а балийра.
Дерриг а Исраилан халкъо латийначу къинах долу
сагIа даккха цара шийтта бож а ялийра – хIора
Исраилан тайпанан цIарах – цхьацца бож. [18] Цул
тIаьхьа цара, динан дайх а, левихойх а къастийна
тобанаш а кхоьллина, уьш, Мусан тептар тIехь ма-
аллара, Ярушалаймехь долчу Делан цIа долчохь
гIуллакх дан дIахIиттийра.

### Пасахь олу дезде

[19] ††Шеран хьалхарчу беттан дейтталгIачу дийнахь
йийсарера юхабирзинчу яхIудхоша « *Пасахь*» олу
дезде даздира. [20] Динан дай а, левихой а, Далла
хьалха цIена хуьлу Iадат кхочуш а дина, Пасахьан
дезачу денна кечбелира. Левихоша массо а
йийсарера юхабирзинчарна а, шайн вежарий
болчу динан дайшна а, шайна а лерина долчу
Пасахьан Iахаршна урс хьаькхира. [21] Йийсарера
юхадирзинчу массо а Исраилан халкъо и Пасахьан
кхача биира. Исраилан халкъан Везачу Далла
*Iибадат дан* кхечу къаьмнаша лелош долчу
хьарамчу хIуманех шаьш дIакъастийначара а
йоура Пасахьан юург. [22] ВорхI дийнахь чIогIа
хазахетарца даздира цара совсазчу баьпкан дезде,
хIунда аьлча Везачу Эло доккха хазахетар
кхоьллинера церан дегнаш чохь. Ашур-мехкан
паччахьан ‡ дог цаьргахьа а дерзийна, цуьнга
Исраилан Делан цIа дан гIо дайтира Цо.

### Iезар Ярушалайме вогIу

**7** Дикка хан яьллачул тIаьхьа, Парси-махкахь
Артахь-Шашта паччахьаллехь волчу хенахь,
Бавел-гIалара Ярушалайме веара Хьалкхи-ЯхIун
кIант волчу Iазар-ЯхIун кIентан Сари-ЯхIун кIант
волу Iезар. [2] Хьалкхи-ЯхIу Шалуман кIант хилла,
Шалум ЦIадукъин кIант хилла, ЦIадукъа Ахьтубин
кIант хилла, [3] Ахьтуби Амар-ЯхIун кIант хилла,
Амар-ЯхIу Iазар-ЯхIун кIант хилла, Iазар-ЯхIу
Маръютин кIант хилла, [4] Маръюти Зарахь-ЯхIун
кIант хилла, Зарахь-ЯхIу Iузин кIант хилла, Iузи
Буккхайн кIант хилла, [5] Буккхай АбишуIан кIант
хилла, АбишуI Пайнехьасан кIант хилла, Пайнехьас
ЭлиIазаран кIант хилла, ткъа ЭлиIазар *динан
коьрта да* волчу АхIаронан кIант хилла.
[6] Iезар Бавел-гIалара новкъа велира. Исраилан
халкъан Везачу Дала Муса-пайхамарехула белла
товрат-хьехамаш дика хууш волу *Iелам стаг* хилла
иза. Паччахь волчу Артахь-Шаштас Iезарна цо мел
дехна долу массо а хIума делла хилла, хIунда аьлча
Веза Эла Iезарца хилла. [7] Iезарца схьабаьхкина
хилла дуккха а исраилхой. Царна юкъахь динан
дай а, левихой а, илланчаш а, кевнехь лаьттащ
болу гIаролхой а, Делан цIийнан кертахь гIуллакх

† *6:14 а: Хьагай 1:1; б: Закри-ЯхIу 1:1.*

†† *6:19 Арадаккхар 12:1-20.* ‡ *Ашур-мехкан паччахь – схьахетарехь, вуьйцуш верг парсихойн паччахь ву. Исраилан халкъан шира мостагIий болчу ашурхойн мохк парсихойн паччахьо схьабаькккхина бара оцу хенахь.*

деш берш а хилла. Уьш шаберш а Артахь-Шашта
паччахьаллехь волу ворхІалгІачу шарахь
схьабаьхкира. 8 Іезар Ярушалайм-гІала схьавеара
Артахь-Шашта паччахьаллехь волчу ворхІалгІачу
шеран пхоьалгІачу баттахь. 9 Іезар а, цуьнан
накъостий а Бавел-гІалара арабевллера шеран
хьалхарчу беттан хьалхарчу дийнахь, ткъа уьш
Ярушалайм-гІала схьабаьхкинера пхоьалгІачу
беттан хьалхарчу дийнахь, хІунда аьлча Шен
диканца Дела цуьнца вара. 10 Иза иштта хилира,
хІунда аьлча цо шен дог Везачу Элан товрат-
хьехамаш Іаморна а, уьш кхочушбарна а, иштта
Исраилан халкъана цуьнан парзаш а,
тІедехкинарш а хьехарна а тІедерзийнера.

## Артахь-Шаштас Іезаре кехат яздо

11 *Динан да* а, Іелам стаг а волуш, Исраилан
халкъана Везачу Эло тІедехкинарш а, Цуьнан
парзаш а дикка хууш волчу Іезаре паччахьо кехат
яздина хилла. ХІара бу цу кехатан чулацам:
12 «Паччахьийн а паччахь волчу Артахь-Шаштера
динан да волчу Іезаре, Делан кхоччуш болчу
товрат-хьехамаш тІехь Іелам стаг а волчу, иштта
кхидІа а †.
13 Аса иштта омра до: сан пачхьалкхехь бехаш
болчу исраилхойх, я церан динан дайх, я левихойх
хьоьца Ярушалайме ваха лууш волу муьлхханиг а
дІаваха мегар ду. 14 Сан а, сан ворхІ хьехамчийн а
цІарах вахийтина ма ву хьо ЯхІуд-махка а,
Ярушалайме а, хьан Делан болчу а, хьан карахь
болчу а товрат-хьехамашца цигара халкъ дехаш
дуй таллархьама. 15 Аса а, сан хьехамчаша а
Ярушалаймехь Шен цІа долуш волчу Исраилан
Далла тхешан лаамца сагІина делла деши а, дети а
хьайца дІадахьа деза ахьа. 16 Бавел-махкахула ахьа
схьагулдо деши а, дети а, иштта халкъо а, динан
дайша а шайн лаамца Ярушалаймехь долчу Делан
цІенна сагІина дІаделларг а хьайца дІахьо. 17 Цу
ахчанах билггала стерчий а, уьстагІий а, Іахарий а
иштта кІа а, чагІар а эца. Ярушалаймехь долчу
Делан цІийнан кертахь сагІа доккхучу кхерча тІехь
и массо а хІуманаш сагІина ло. 18 Хьуна а, хьан
накъосташна а тІаьхьадисинчу дешица а, детица а
дан дика хеташ дерг де, иза шун Делан лаамехь
делахь. 19 *Делан цІа* чохь гІуллакх дан хьайга
дІаелла йолу пхьегІаш, Ярушалаймерчу Далла
хьалха дІа а хьой, охьахІиттае. 20 Аса хьуна бакъо
ло хьан Делан цІенна оьшуш мел долу хІума,
паччахьан хазни чуьра схьа а эцна, дІадахьа.
21 Аса, паччахь волчу Артахь-Шаштас, сан Эпрат-
хил дехьа йолу хазна ларъеш мел болчарна
тІедуьллу: шайга динан да а волчу, стигаларчу
Делан товрат-хьехамаш нахана хьоьхуш а волчу
Іезара дІадеххнарг, мало а ца еш, дІало. 22 Цхьа бІе
гали дети а, пхи бІе гали кІа а, ворхІ бІе *чами*
чагІар а, ворхІ бІе чами зайтдаьтта а ца кхоччуш,
барам боццуш туьха а Іезаре дІадала мега.
23 Стигаларчу Дала Шен цІенна мел дехнарг Цунна
леррина дІадала деза, Иза паччахьна а, цуьнан
кІенташна а оьгІаз ца вахийта. 24 Кхин цхьа хІума а
ду сан хьоьга дІахаийта: цхьана а динан дегара а,
левихочуьнгара а, илланчера а, Делан цІийнан
кевнера гІаролхочуьнгара а, иштта Делан цІийнан
кертахь гІуллакх деш болчу ялхошкара а ясакх а, я
ял а яккха мегар дац.
25 Ткъа ахь, Іезар, хьан Дала хьуна деллачу
хьекъалца куьйгалхой а, кхелахой а дІахІиттабе.
Уьш Эпрат-хил дехьа малхбузехьа болчу а, хьан
Дала беллачу товрат-хьехамашца бехаш болчу а
нахана тІехь куьйгалла деш хир бу. Ткъа и товрат-
хьехамаш ца хууш болчарна Іамабе уьш. 26 Хьан
Делан товрат-хьехамашца а, я паччахьан Іедалца а
бохуш дерг ца динчунна кхоччуш таІзар дан догІуш
ду. Цо диначуьнга хьаьжжина, иза вийна, я кхечу
махка дІаэкккхийна, я цуьнан бахам схьабаькккхина,
я набахти чу воьллина хила везаш ву».

## Іезара Далла хастамаш бо

27 Іезара элира: «Декъала ву вайн дайн Дела волу
Веза Эла. Цо паччахьна даг чу диллина,
Ярушалаймехь долчу Везачу Элан цІийнан иштта
сийде аьлла. 28 Везачу Дала соьгахьа болу Шен
хедар боцу безам паччахьна а, цуьнан
хьехамчашна а, массо а сийлахьчу элашна а хьалха
схьагайтина. Везачу Эло суна гІо дарна, со иракара
а хІоьттина, ткъа исраилхойн куьйгалхойх
дукхахберш сайца Ярушалайме бига схьагулбина».

## Йийсарера юхабирзинарш

8 ХІорш ю Артахь-Шашта паччахьаллехь волчу
хенахь соьца, Іезарца, Бавел-махкара
арабевллачеран тайпанийн тхьамданийн а, цаьрца
цхьаьна тептарш тІехь аса дІаязбинчеран а
цІераш:
2 Пайнехьасан тІаьхьенах – ГІиршан;
Итамаран тІаьхьенах – Даниал;
Даудан тІаьхьенах – Хьатуш;
3 Шихан-ЯхІун тІаьхьенах берш;
ПарІушан тІаьхьенах – Закри-ЯхІу а, цуьнца
цхьаьна цхьа бІе шовзткъе итт дІаязвина боьрша
стаг а;
4 Пахьат-Муабин тІаьхьенах – Зарахь-ЯхІун кІант
Эли-ЯхІу-Іейни а, цуьнца ши бІе боьрша стаг а;
5 Затун тІаьхьенах – Яхьазиалан кІант Шихан-ЯхІу а
вара, цуьнца кхо бІе боьрша стаг а;
6 Іадин тІаьхьенах – ЯхІунатин кІант Іабайд а,
цуьнца шовзткъе итт стаг божарий а;
7 Іейламан тІаьхьенах – Іатал-ЯхІун кІант ЯшаІ-ЯхІу
а, цуьнца кхузткъе итт боьрша стаг а;
8 Шапат-ЯхІун тІаьхьенах – Микаалан кІант Забди-
ЯхІу а, цуьнца везткъа боьрша стаг а;
9 Йоабан тІаьхьенах – Яхьиалан кІант Іабди-ЯхІу а,
цуьнца ши бІе берхІитта боьрша стаг а;

† *ШуьйтталгІачу аятана тІера дуьйна, ткъе йолхалгІачу аятана тІекхаччалц хІара тептар арамхойн маттахь яздина ду.*

10 Банин тIаьхьенах – Юсуп-ЯхIун кIант Шалумати а,
цуьнца бIе кхузткъа боьрша стаг а;
11 Бебайн тIаьхьенах – Бебайн кIант Закри-ЯхIу а,
цуьнца ткъе бархI боьрша стаг а;
12 IазгIадин тIаьхьенах – ХIаккхитанан кIант Йохьан
а, цуьнца бIе итт боьрша стаг а;
13 Адуникхаман тIаьхьенах тIаьхьарнаш: Эли-Пулат,
ЯIиал, ШамIа-ЯхIу, иштта цаьрца кхузткъа боьрша
стаг а;
14 БигIвайн тIаьхьенах – Iутай а, Закхур а, цаьрца
кхузткъе итт боьрша стаг а.

## Ярушалайме юхаберзар

15 Аса АхIава-гIала доьдуш долчу хи йисте
схьагулбира уьш. Цу меттехь тхо кхаа дийнахь
лаьттира. Нахе хьаьжча, суна хиира царна юкъахь
динан дай буйла, амма левихой бацара. 16 ТIаккха
аса куьйгалхой болчу ЭлиIазаре а, Ариале а,
ШамIа-ЯхIуга а, Эли-Натига а, Ярбига а, Эли-Натига
а, Натига а, Закри-ЯхIуга а, Машулиме а
схьакхайкха бахийтира, иштта Iелам нах болчу
ЯхIу-Ярбига а, Эли-Натига а схьакхайкхира. 17 Аса и
нах Касипай-гIалин куьйгалхо волчу Iидуна тIе
бахийтира, цара Iидуга а, цуьнан гергарчу нахе а
дIаала дезарг дIа а хьехна. Цуьнан гергара нах
Делан цIийнан кертахь гIуллакх дийраш бу. Аса и
нах Iиду волчу бахийтира, цаьрга тхо долчу нах
балабайта, вайн *Делан цIа* долчохь гIуллакх
дайтархьама. 18 Вайн Дела Шен диканца тхоьца
хилар бахьана долуш, Iидун гергарчу наха тхо
долчу воккха хьекъалча волу Шараб-ЯхIу
ваийтира. Иза Левин кIант волчу Махьлин
тIаьхьенах вара. Ткъа Леви Исраилан кIентех
цхьаъ вара. Цара тхо долчу Шараб-ЯхIу а, цуьнан
кIентIий а, цуьнан вежарий а бахкийтира. Иштта
цу доьзалера берхIитта стаг веара тхо долчу.
19 Цара иштта Мерарин тIаьхьенах волу Хьашби-
ЯхIу а, ЯшаI-ЯхIу а ваийтира. Цара шайн вежарий а,
вежарийн бераш а дахкийтира. Цу доьзалера
верриг а ткъа стаг веара. 20 Цара иштта ши бIе ткъа
Делан цIийнан кертахь гIуллакх дийриг а ваийтира.
Церан дай Дауда а, цуьнан тIеман хьаькамаша а
левихошна гIо дан хаьржина хилла. Церан цIераш
массеран а цIерашна юкъахь дIаязйина хилла.
21 Цигахь, АхIава-хи долчохь, аса хаам бира, оха
массара а *марха* кхаба деза аьлла. Аса иштта
цаьрга дIаэлира, оха массаьрга а Далла хьалха
тхешан дог эсала дан а деза, Деле тхан а, тхан
берийн а, тхан бахаман а некъ дика хилийтар деха
а деза аьлла. 22 Тхан некъаш тIехь мостагIий хила
мегара, делахь а суна чIогIа эхь хетара Артахь-
Шашта-паччахье тхо новкъахь лардайта эскар а,
дошлой а беха, хIунда аьлча оха паччахье аьллера:
«Тхан Дала хIора Иза лоьхучунна диканиг до. Амма
Цуьнан нуьцкъалалла а, оьгIазло а Цунна букъ
берзийначунна дуьхьал ер ю». 23 Иштта, марханаш
а кхобуш, цунах лаьцна оха тхайн Деле дийхира,
Цо тхуна жоп а делира.
24 Цул тIаьхьа куьйгалла деш болчу динан дайшна
юкъара аса шийтта схьахаьржира. Цул сов Шараб-
ЯхIу а, Хьашби-ЯхIу а, церан гергарчарах итт а
схьакъастийра ас. 25 Царна хьалха ас уьйзира
Артахь-Шашта-паччахьо а, цуьнан хьехамчаша а,
элаша а, массо а цигарчу исраилхоша а Делан
цIенна дIаделла долу деши а, дети а, пхьегIаш а.
26 Оьзначул тIаьхьа аса церан кара хIара дIаделира:
дети – ялх бIе шовзткъе итт *мазал*;
детин пхьегIаш – бIе;
деши – бIе мазал;
27 дешин кад – ткъа (цхьа эзар дарик олу деши
ахччанал);
дешин метта лоруш долчу уггар дикачу къегаш
долчу цIестан пхьегIа – шиъ.
28 Цул тIаьхьа аса цаьрга элира: «Шу а, хIара
пхьегIаш а, Везачу Элана дIа а къастийна, Цуьнан
долахь ю. ХIара деши а, дети а Везачу Элана, шун
дайн Далла, адамаша шайн лаамца делла
совгIаташ ду. 29 И хIуманаш леррина ларъелаш,
динан дайн куьйгалхошна а, левихошна а,
исраилхойн тайпанийн тхьамданашна а хьалха,
Ярушалаймехь долчу Делан цIийнан чоьнашкахь
аша уьш оззалц». 30 Динан дайша а, левихоша а и
оьзна долу деши а, дети а, пхьегIаш а шайга
дIаийцира, уьш Ярушалаймехь долчу тхан Делан
цIа чу дIаяхьа.
31 Шеран хьалхарчу беттан шийтталгIачу дийнахь
АхIава-хи долчуьра Ярушалайме даха арадевлира
тхо. Некъ чекхбаллалц Дела тхоьца вара, тхо
мостагIех а, талорхойх а лар а деш. 32 Ярушалайме
схьа а даьхкина, оха цигахь кхаа дийнахь
садаьIира. 33 ДоьалгIачу дийнахь оха, Делан цIа
долчу а дахана, оза а узуш, деши а, дети а,
пхьегIаш а *динан да* волчу УрьяхIун кIанте
Мармутига дIаелира. Мармутица Пайнехьасан
кIант ЭлиIазар вара, ткъа цаьрца левихой болу
ЮшаIан кIант Юзабди а, Бинуйн кIант НуIад-ЯхIу а
вара. 34 Оха массо а хIума оццу хенахь, ягар а йина,
оза а оьзна, дIаязйира.
35 Цул тIаьхьа йийсарера юхабирзинчу наха
дийнаташ дагоран сагIанаш дохура Исраилан
Далла лерина. Массо а Исраилан халкъан дуьхьа
шийтта сту а, безткъе ялхитта уьстагI а, кхузткъе
вуьрхIитта Iахар а сагIина беара цара. Иштта цара
шийтта бож къинах долу сагIа санна еара. И массо
а бежана цара дийнаташ дагоран сагIанаш санна
еара Везачу Элана. 36 Цул тIаьхьа цара паччахьан
тхьамданашка а, Эпрат-хина малхбузехьа долу
латтанаш карахь долуш болчу хьаькамашка а
дIаделира и паччахьан весеташ. ТIаккха цу
куьйгалхоша гIо дира Исраилан халкъана а, Делан
цIенна а.

## Исраилхоша шайна кхечу халкъийн зударий балийнийла Iезарна дIахаар

9 И хIума чекхдаьллачул тIаьхьа со волчу
Исраилан куьйгалхой баьхкира. Цара элира:

«Исраилан халкъана гонах канаIанхой а, хьетахой
а, перезахой а, явсайхой а, Iамминхой а, муабахой
а, мисархой а, эмархой а Iаш бу. Оцу къаьмнаша
Далла хьалха дегаза гIуллакхаш леладо. Ткъа
Исраилан халкъ, иштта динан дай а, левихой а, дIа
ца къаьстира оцу къаьмнех а, цара лелочух а.
2 Исраилхоша шайна гонах дехаш долчу халкъийн
зударий балор бахьана долуш, Делан долахь долу
халкъ кхечу къаьмнех дIаийнера. И къа шайх
леточеран могIаршкахь бара мехкан куьйгалхой а,
кхиболу хьаькамаш а». 3 И дешнаш сайна хезча,
аса сайна тIейоьхна йолу тIехулара а, чухулара а
бедарш этIийра, сайн коьртара а, маж тIера а чоьш
а дехира. Со чIогIа гIайгIане хилла охьахиира.
4 ТIаккха, йийсарера юхабирзинчара леладо
хьарам гIуллакхаш бахьана долуш, Исраилан Дала
аьллачунна вегош мел волу стаг со волчу
схьагулвелира. ЧIогIа гIайгIане волу со суьйранна
сагIа доккху хан тIекхаччалц Iийра.
5 Суьйранна сагIа доккху хан тIекхаьчча, со
хьалагIаьттира. Сан тIехулара а, чухулара а бедарш
этIийна яра. Гора а хIоьттина, аса сайн Везачу Деле
куьйгаш дIакховдийра. 6 Аса элира: «Сан Дела!
Сайна эхь хетарна со Хьоьга дIа ца хьажало, хIунда
аьлча тхан къинош тхан коьртал а лакхадевлла,
ткъа тхан бехк стигалал а лакхабаьлла. 7 Тхан
дайшкара дуьйна таханлера де тIекхаччалц, оха
дакккхий къинош летийна. И къинош бахьана
долуш тхо а, тхан паччахьаш а, тхан динан дай а
кхечу махкара болчу паччахьийн кара дIаделира
Ахь. Уьш тхуна тIе а летара, тхан нах цара дIа а
буьгура, тхуна цара талораш а дора, тахана а ма-
дакккхара, сийсаза а дохура.
8 Ткъа хIинца, ва тхан Веза Дела, кIезигчу ханна
тхох къинхетам бина Ахь. Ахьа цхьаболчарна
йийсарех кIелхьардовла пурба а делла, Хьан
долахь йолчу кху меттиге уьш дика охьа а
ховшийтина. Ахьа тхан бIаьргаш схьадиллина,
тхуна чу са а даийтина, йийсарера кIелхьара а
даьхна. 9 Тхо леш дара, амма лоллехь долуш а Ахьа
тхо Хьайн терго йоцуш ца дитира. Ахьа Парси-
махкара болу паччахьаш а тхоьца къинхетаме
хилийтира. Ахьа тхуна керла дахар делира, Хьан
цIа дохийначуьра юхаметтахIотто ницкъ а белира.
Ахь динарг бахьана долуш, Ярушалаймехь а, ЯхIуд-
махкахь а тхо хIинца маьршачу пенашна тIехьа
Iало.
10 Ткъа хIинца, тхан Дела, оха хIун эр ду Хьоьга,
Ахьа тIедиллинчунна тIера тхо дIадевлла хилча?
11 Хьайн лай болчу пайхамаршкахула Ахьа тхоьга
дина весеташ дара. Ахьа тхоьга элира: „Шун дола
дакккхархьама шу дIадоьлхуш долу латта – иза шена
чохь Iаш долчу къаьмнаша лелийна дегазачу
гIуллакхаша талхийна латта ду. Дегаза хIуманаш а
лелош, церан боьхачу гIуллакхашца оцу адамаша и
латта дуьзнера цхьана йистера дуьйна вукху йисте
кхаччалц. 12 †Цундела шайн кIенташка церан
зудабераш маре ма даладайта, шайн зудабераш
цаьрга маре дIа а ма дигийта. Цу нахах дIа ма
кхета! Машар я диканиг цаьрца цкъа а ма леха. Шу
иштта лелахь, онда хир ду шу, лаьтто кхиийна мел
дерг аша дуур ду, хIара латта гуттаренна шун
берийн дола долуьйтур ду“. 13 Тхайна
тIехIоьттинчунна бехке тхо тхаьш ду. Оха вонаш
дора, цундела тхуна тIехь боккха бехк бу. Ахьа,
тхан Дела, тхуна таIзар дира, амма оха
лелийначуьнга хьаьжча, иза кIезиг таIзар дара. Ахь
ур-атталла цхьаболчарна йийсарера кIелхьардовла
пурба а делира. 14 Вонаш лелош болчеран
зудабераш маре а дуьгуш, цаьрга тхайнаш маре а
дохуьйтуш, Хьан весеташ кхин цкъа муха дохор ду
оха? Оха иза лелийча, тхо хIаллакдал чIогIа оьгIаз
муха гIур вац Хьо? ТIаккха тхох цхьа а дийна а
вуьсур вац, цхьа а стаг кIелхьар а вер вац.
15 Исраилан халкъан Веза Дела, Хьо нийса велахь а,
тхох цхьадерш таханлерчу дийне тIекхаччалц
дийна дисийтира Ахь. Тхо бехке ду, ткъа тхайна
тIера бехк бахьана долуш, тхох волу цхьа а стаг
Хьуна хьалха латта йиш йолуш ма вац!»

### Эдина маренаш дIадахаран хьокъехь бина барт

10 Делан цIенна хьалха суждане а воьдуш,
воьлхуш, халкъо летийначу къиношна ша
къера хилар а дуьйцуш, Iезара доIа дечу хенахь,
цунна гонах дуккха а исраилхой гулбелира. Царна
юкъахь божарий а, зударий а, бераш а дара. Уьш а
чIогIа боьлхуш бара. 2 ТIаккха Iейламан тIаьхьенах
волчу Яхьиалан кIанта Шихан-ЯхIус Iезаре элира:
«Тхо тхайн Далла тешаме ца хилла, тхайна гонах
дехаш долчу къаьмнийн зудабераш тхайна маре а
дуьгуш. Оха и хIума лелийнехь а, Исраилан
халкъан кхин а сатуьйсийла йисина. 3 Ткъа хIинца
тхоьга тхан Далла хьалха барт байтахьара ахьа,
хIара зударий а, цара дина долу бераш а оха
дIадохуьйтур ду аьлла. Сан эла волчу ахьа а, иштта
Далла хьалха ларамах буьзна болчу наха а хьоьхуш
дерг оха тIелоцур дара, товрат-хьехамашца тхо
лелар а дара. 4 ХьалагIатта, Iезар, хIунда аьлча
хIара хьан гIуллакх ду, оха хьоьгахьа гIо а доккхур
ду. Доьналла долуш а хилий, и гIуллакх
чекхдаккха!»
5 Iезар хьалагIаьттира. Цо динан дайн
хьаькамашка а, левихошка а, дерриг а Исраилан
халкъе а чIагIо яйтира, цара Шихан-ЯхIус аьлларг
дийр ду аьлла. Цара и чIагIо йира. 6 Цул тIаьхьа
Iезар, Делан цIенна уллора юьстах а ваьлла,
Элишубан кIентан ЯхIу-Хьанин цIа чу вахара. Цу
чохь яа хIума а ца юуш, мала а ца молуш буьйса
яьккхира цо, хIунда аьлча, йийсарера
юхабирзинчара Далла тешаме доцург лелийна
хилар бахьана долуш, чIогIа гIайгIане вара иза.
7 Цо берриг а ЯхIуд-махкахь а, Ярушалаймехь а
долчу халкъе кхайкхам бира, массо а йийсарера
юхавирзина мел волу стаг Ярушалайме схьагулло
аьлла. 8 Кхаа дийнахь цига ваза висинчу стеган мел

† 9:12 *Арадаккхар 34:11-16; Карлабаьккхинарг 7:1-5.*

долу хьал хьаькамаша а, къаноша а кхел ма-ярра,
цуьнгара схьадоккхур ду аьлла хилла, ткъа иза ша
йийсарера юхабирзинчеран гуламна юкъара
дIавоккхуш хилла. 9 Кхо де дIадалале, ЯхIуд-
махкара а, Бен-Яман-махкара а мел волу стаг
Ярушалайме схьагулвелира. Иза хилла уьссалгIачу
беттан ткъолгIачу дийнахь. Цу дийнахь дерриг а
халкъ Делан цIенна хьалха йолчу кертахь
охьахиъна Iаш дара. ГIуллакхан дозаллина а,
догIуш догIа хиларна а уьш чIогIа бегош бара.
10 *Динан да* волчу Iезара, хьала а гIаьттина,
элира: «Шу Далла тешаме ца хилла, шайна кхечу
къаьмнех болу зударий а балийна. И хIума бахьана
долуш Исраилан бехк совбаьлла. 11 Шаьш
динчунна вайн дайн Дела волчу Везачу Элана
хьалха мукIарло де, ткъа Цуьнан лаам кхочуш а бе.
Шайна гонах дехаш долчу адамех а, царах болчу
шайн зударех а дIакъаста».
12 ТIаккха цигахь схьагулвелла мел волчо, чIогIа
мохь а тухуш, элира: «Ахьа аьлларг дийр ду оха.
13 Амма кхузахь дукха адам гулделла, ткъа вайна
хIинца догIанаш долу хан ю. Тхо арахь ца латтало.
Ткъа и хIума цхьана я шина дийнахь дина
чекхдаккха йиш йолуш дац, хIунда аьлча оцу
къилахьчу гIуллакхца тхох дукххаберш боьзна бу.
14 Вайн къаноша кхузахь гулбелла болчу массарна
а хьалхара сацам бан беза. Вайн гIаланашкара
кхечу къаьмнийн зударий балийна мел верг
йиллинчу хенахь Ярушалайме схьаван веза. Уьш
шайн гIалахь болчу куьйгалхошца а, динан дайшца
а цхьаьна схьабахка беза. Иштта вай дийр ду, оцу
гIуллакхна Дела оьгIазваханчуьра васт аваллалц».
15 Масех стаг бен цу сацамна реза воцуш ца хилира.
Царна юкъахь IасахIалан кIант ЯхIуната а,
Тикхавин кIант Яхьзи-ЯхIу а вара. Цу шинна
тIетайна Машулим а, левихо волу Шабитай а вара.
16 Йийсарера юхадирзина долу Исраилан халкъ
цу сацамна реза хилира. ХIора доьзалера цIийнан
хьалхара болу нах билгалбехира динан да волчу
Iезара. ХIора гаранера цхьацца стаг а хаьржина,
церан хIораннан а цIераш ехира цо. Шеран
уьтталгIачу беттан хьалхарчу дийнахь
схьахаьржина болу нах охьахевшира хIора
доьзалера долу гIуллакхаш талла. 17 Шеран
хьалхарчу беттан хьалхарчу дийнахь цара шайн
кхечу къаьмнийн зударий балийначеран
гIуллакхех лаьцна болу таллам чекхбаьккхира.

### Шайна кхечу къаьмнех болу зударий балийнарш

18 Динан дайн тIаьхьенах болчарна юкъара кхечу
къаьмнех болу зударий балийначеран цIераш
хIорш ю:
ЮцIдукъан кIентан ЮшаIан тIаьхьенах берш а,
цуьнан вежарий МаIсей-ЯхIу а, ЭлиIазар а, Ярби а,
Гадал-ЯхIу а.
19 Цара массара а дош делира шайн зударех
дIакъаста. Цул тIаьхьа цара хIорамма а шайн жа
юкъара цхьацца уьстагI гIуда такхаран сагIа санна
бахьара.
20 Амиран тIаьхьенах болу Хьанани а, Забди-ЯхIу а;
21 Хьармин тIаьхьенах болу МаIсей-ЯхIу а, Эли-ЯхIу
а, ШамIа-ЯхIу а, Яхьиал а, Iузи-ЯхIу а;
22 Пашихьуран тIаьхьенах болу ЭлъюIейнай а,
МаIсей-ЯхIу а, ИсмаьIал а, Натунаил а, Юзабди а,
ЭлиIаса а;
23 Левихойх болу Юзабди а, ШамаIи а, Кхали-ЯхIу а
(цунах Кхилати олуш а хилла), Патахь-ЯхIу а, ЯхIуд
а, ЭлиIазар а;
24 Илланчашна юкъара Элишуб а хилла.
Делан цIийнан кевнера гIаролхой болу Шалум а,
Телам а, Ури а хилла.
25 Вукху исраилхошна юкъара кхечу къаьмнех
болу зударий балийнарш хилла:
ПарIушан тIаьхьенах волу Рами-ЯхIу а, Язи-ЯхIу а,
Малки-ЯхIу а, Мияман а, ЭлиIазар а, Малки-ЯхIу а,
БенъяхIу а.
26 Iейламан тIаьхьенах болчарна юкъара: Матан-
ЯхIу а, Закри-ЯхIу а, Яхьиал а, Iабди а, Еримати а,
Эли-ЯхIу а.
27 Затун тIаьхьенах болчарна юкъара: ЭлъюIейнай
а, Элишуб а, Матан-ЯхIу а, Еримати а, Забад а,
Азази а.
28 Бебайн тIаьхьенах болчарна юкъара: ЯхIу-Хьана
а, Хьанан-ЯхIу а, Забай а, Iатилай а.
29 Банин тIаьхьенах болчарна юкъара: Машулим а,
Малук а, Iади-ЯхIу а, Яшаб а, Шаал а, Еримати а.
30 Пахьат-Муабин тIаьхьенах болчарна юкъара:
Iаднан а, Калил а, БенъяхIу а, МаIсей-ЯхIу а, Матан-
ЯхIу а, Бацалиал а, Бинуй а, Маннаш а.
31 Хьармин тIаьхьенах болчарна юкъара: ЭлиIазар
а, Йоши-ЯхIу а, Малки-ЯхIу а, ШамIа-ЯхIу а, ШимIа
а, 32 Бен-Яман а, Малук а, Шамри-ЯхIу а.
33 Хьашуман тIаьхьенах болчарна юкъара:
Матинай а, Маттет а, Забад а, Эли-Пулат а, Яримай
а, Маннаш а, ШамаIи а.
34 Банин тIаьхьенах болчарна юкъара: МаIдай а,
Iамрам а, Уал а, 35 БенъяхIу а, Беди-ЯхIу а, ХелихIу а,
36 Вани-ЯхIу а, Мармути а, Элишуб а, 37 Матан-ЯхIу а,
Матинай а, ЯIсай а.
38 Бинуйн тIаьхьенах болчарна юкъара: ШамаIи а,
39 Шалам-ЯхIу а, Ната а, Iади-ЯхIу а, 40 Махнидбай а,
Шашай а, Шарай а, 41 Iазариал а, Шалам-ЯхIу а,
Шамри-ЯхIу а, 42 Шалум а, Амар-ЯхIу а, Юсуп а.
43 Набун тIаьхьенах болчарна юкъара: ЯIиал а,
Матит-ЯхIу а, Забад а, Зибани а, Йодай а, Юал а,
БенъяхIу а.
44 Уьш массо а кхечу къомах болу зударий
балийна бара. Царах цхьаболчеран цу зударша
дина бераш а дара †.

† *Царах цхьаболчеран цу зударша дина бераш а дара – я иштта: Цу наха, шайн зударех дIа а къаьстина, уьш а, цара дина бераш а шайна юххера дIадехира.*

# Нахьми-ЯхIу

### Дешхьалхе

деа декъе декъа тарло: 1) Нахьми-ЯхIу Ярушалайм-гIала юхаверзар. Парсихойн паччахьо иза цига дIавахийтар, ЯхIуд-махкана тIехь куьйгалла дайтархьама (1-2 кортош); 2) Ярушалайман пенаш юхаметтахIиттор (3-7 кортош); 3) Дала белла товрат-хьехамаш нахана хьалха Iезара дIабешар а, ша летийначу къиношна халкъ къера хилар а (8-10 кортош); 4) ЯхIуд-мехкан куьйгалхочо санна Нахьми-ЯхIус дина кхидолу хIуманаш (11-13 кортош).
Нахьми-ЯхIу кIоргга Делах везаш хилар а, дерриг а доIанаш цо Цуьнга деш хилар а тептар тIехь къаьсттина гуш ду.

1 ХIара дешнаш Хьахли-ЯхIун кIант волчу
Нахьми-ЯхIун ду:

### Ярушалайм бахьана долуш Нахьми-ЯхIу гIайгIанехь Iаш хилар

Артахь-Шашта паччахьаллехь волчу ткъолгIачу
шеран Кислав-баттахь со Шушан-гIалин гIопахь
нисвеллера. 2 Цу хенахь сан вежарех цхьаъ волу
Хьанани а, цуьнца кхин масех стаг а ЯхIуд-махкара
схьавеана вара. Йийсарера кIелхьара а баьхна,
юхабирзинчу яхIудхойх лаьцна а, Ярушалаймах
лаьцна а цаьрга хаттарш дира Аса. 3 Хьананис а,
цуьнца болчара а суна жоп делира: «Йийсарех
кIелхьарбаьхна болу яхIудхой шайн махкахь
бехаш, чIогIа яккхий халонаш а, сийсаздахар а
токхуш Iаш бу. И массо а хIума Ярушалайман
пенаш дохийна дIадаьхна хилар а, цуьнан кевнаш
дагийна хилар а бахьана долуш ду». 4 И хIума сайна
хезча, со, охьа а хиъна, вилхира. Масийтта
дийнахь тийжа а тийжаш, *марха* а кхобуш,
стигаларчу Далла хьалха доIанаш дора аса.
5 ТIаккха сайн доIанехь аса дийхира:
«Ва Веза Эла, стигалийн Дела, сийлахь а, нах
ларамах бузуьйтуш а волу Дела. Хьайн весеташ
кхочушдеш болчаьрца Айхьа бина барт ларбо Ахь!
Хьо везаш волчарна Хьайн хедар боцу безам а ма
гойту Ахь! 6 Хьан лергаш ладугIуш хуьлийла, Хьан
бIаьргаш схьабиллина хуьлийла дийнахь а, буса а,
Хьайна хьалха Хьан лай долу Исраилан халкъ
доьхуш доIа деш волчу Хьайн лай волчу сан доIа
дIахазахьа. Исраилхой долчу оха, со а, сан ден
доьзал а цу чу а богIуш, Хьуна дуьхьал летийначу
къинойх лаьцна мукIарло до аса. 7 Хьуна дуьхьал
зуламениг леладора оха. Ахь Хьайн ялхо волчу
Муса-пайхамарехула дIаделла долу весеташ а,
тIедехкинарш а, парзаш а лар ца дора оха. 8 †Хьайн
ялхочуьнга Муса-пайхамаре Айхьа аьлларг
дагадаийтахьара Ахьа Хьайна. Цуьнга Ахьа
аьллера: „Нагахь санна шу тешаме ца хилахь, Аса
шу кхечу къаьмнашна юкъахь дIасадаржор ду.
9 ††Амма шу, Суна тIе а дирзина, Сан весеташ тIе а
эцна, Аса бохург лардеш хилахь, шу дуьненан
йисте дIаэкkхийна хилча а, Аса, цигара а схьа а
гулдина, Сайна Iибадат дайта а, Со шуьца Iан а
Айса схьахаьржинчу метте схьадалор ду“.
10 Исраилан халкъ – Хьан лай а, Хьан халкъ а ду,
Ахьа Хьайн бокkхачу ницкъаца а, ондачу куьйгаца
а мах баkkхарца паргIатдаьkkхина долу. 11 Ва
Хьалдолу Эла, Хьан цIеран сийдар хазахеташ волчу
Хьан лай волчу сан а, Хьан леш болчу нехан а
доIанашка дикка ладогIахьара Ахьа! Тахана аьтто
бехьа сан, паччахь соьца къинхетаме а
хуьлуьйтуш».
Со паччахьан чагIардуттург вара.

### Нахьми-ЯхIу Ярушалайме дIавахар

2 Артахь-Шашта паччахьаллехь волчу
ткъолгIачу шеран Нисан-баттахь паччахьна
чагIар чудеара. Аса и чагIар, схьа а эцна, паччахье
дIакховдийра. Со гIайгIанехь вара. ХIинца чул
хьалха со паччахьна хьалха цкъа а цу тайпана
цахиларна, 2 цо соьга хьаттира: «Хьан юьхь
кхоьлина хIунда ю? Могуш воцуш-м вац хьо? Суна
гуш ма ду хьан дог гIайгIане хилар».
Со чIогIа кхеравелира. 3 ‡ТIаккха аса паччахье
элира: «Паччахь гуттара а вехийла! ГIайгIанна сан
юьхь кхоьлина муха хир яц, сан дай дIабоьхкина

† *1:8 Iамалъяр 26:33.* †† *1:9 Карлабаьkkхинарг 30:1-5.* ‡ *2:3 2 Шерашкахь 36:19; Ярми-ЯхIу 52:12-14.*

йолу гIала йохийна лаьтташ хилча, цу гIалин
кевнаш а дагийна хилча!»
4 ТIаккха паччахьо соьга хаьттира: «Хьуна хIун
лаьара?»
Айса жоп далале, аса стигаларчу Деле доIа дира.
5 Цул тIаьхьа аса паччахьна жоп делира:
«Паччахьан лаам а хилахь, иза шен лай волчу суна
реза а велахь, со ЯхIуд-махка вахийтахьара цо.
Сайн дайн къуббанаш йолчу гIала а вахана, и гIала
юхаметтахIоттор яра аса».
6 ТIаккха шена уллохь зуда-паччахь а йолуш Iаш
волчу паччахьо соьга хаьттира: «Некъана дукха
хан оьший хьуна? Хьо юха маца вогIур ву?» Аса
сайна мел хан оьшу дIааьлча, паччахь реза хилира
со цига вахийта.
7 Аса паччахье кхин а элира: «Хьан лаам хилахь,
аса доьху хьоьга, суна Эпрат-хина малхбузехьа
йолчу меттигийн хьаькамашка яздина долу
кехаташ далар, ЯхIуд-махка со маьрша
дIакхачийтархьама. 8 Суна иштта паччахьан хьун
карахь йолуш волчу Асайпе яздина долу кехат а
оьшу, цуьнга суна *Делан цIа* долчохь йолчу гIопан
кевнаш а, гIалин пен а, со чохь Iийр волу цIа а дан
ханнаш далийта». Сан Дела Шен диканца соьца
хилар бахьана долуш, паччахьо аса мел аьлла долу
хIума суна делира.
9 Эпрат-хина малхбузехьа долчу латтанаш тIехь
болу хьаькамаш болчу а вахана, цаьрга
паччахьера долу кехаташ дIаделира аса. Паччахьо
соьца тIемалойн хьаькамаш а, дошлой а
бахкийтинера. 10 И хIума шайна хезча, хьоронхо
волу Санбулат а, Iамминхойн мехкада волу ТIуби-
ЯхIу а чIогIа реза воцуш хьаьвзира. Царна ца
дезаделира исраилхойх дог лозуш волу стаг ваьлла
хилар.

### Нахьми-ЯхIус Ярушалаймана гонахара долу пенаш таллар

11 Ярушалайме схьакхаьчначул тIаьхьа, аса
цигахь кхо де даьккхира. 12 Цул тIаьхьа буьйсанна
сайца масех стаг а волуш, со аравелира. Дала сайн
дага чу диллина долу Ярушалайман дуьхьа айса
дан луург цхьана а стаге ца дийцинера аса. Соьца
цхьа а тайпана дийнат а дацара, со тIехиъна йолу
вир йоцург. 13 Иштта, буьйсанна со ТогIин кевнал
аравелира. Сайн вир Саьрмикан хьоста долчу дIа а
ерзийна, со сихха Кхеллин ков долчу дIавахара. Ас
Ярушалайман дохийна долу пенаш а, цIарца
дагийна долу цуьнан кевнаш а теллира. 14 Цул
тIаьхьа со Хьостан кевнна а, иштта Паччахьан Iома
тIе а вахара. Амма со цига улло тIевахча, суна гира
со сайн вирца цигахула дехьавалалур воцийла.
15 Оццу буьйсанна со, тогIи чухула хьала а ваьлла,
гIалин пене хьаьжира. ТIаккха со, юха а ТогIин
кевнна чухула а ваьлла, юхавирзира.
16 Цхьана а хьаькамна ца хиира, со мича вахана а,
я ас хIун леладо а. Я яхIудхошка а, я динан дайшка
а, я лоруш болчу нахе а, я хьаькамашка а, я
балхана тIехь дакъалоцун болчу кхиболчаьрга а
аса хIумма а дIа ца хаийтинера. 17 Ткъа хIинца аса
цаьрга элира: «Шуна гуш бу-кх вайгахь болу бала.
Ярушалайм хIуй-пака а яьккхина лаьтташ ю, ткъа
гIалин кевнаш дагийна дIададьхна. Даха а гIой,
Ярушалайман пенаш юхаметтахIиттаде вай.
ТIаккха вай хIокху тайпана юьхьIаьржа хир
дацара». 18 Аса цу нахе дIадийцира Дела Шен
диканца сайца хилар а, сайга паччахьо аьлларг а.
ТIаккха цу наха элира: «Вай болх дIаболо беза!»
Иштта цара и хьанал болх дIаболийра.
19 Амма хьоронхо волу Санбулат а, Iамминхойн
мехкада волу ТIуби-ЯхIу а, Iаьрбихо волу ГIишам а,
шайна и хIума дIахезча, оха лелочух цабашарца
буьйлуш бара. Цара бохура: «ХIун ду аша лелориг?
Шу паччахьна дуьхьалдовла гIерташ ду?»
20 Амма аса, цу нахана жоп луш, элира: «Стигалахь
волчу Дала аьтто бийр бу тхан. Делан леш долчу
оха гIала юхаметтахIоттор дIадолор ду. Ткъа шух
лаьцна аьлча, заманашкара дуьйна а доьзалийн
латтанаш дац шун Ярушалаймехь, иштта цигахь
кхел ян а, Далла Iамал ян а бакъо яц шун!»

### Ярушалайман пенаш юхаметтахIотторан балха тIехь дакъалоцурш

3 *Динан коьрта да* волчу Элишуба а, динан дай
болчу цуьнан гергарчара а, хьала а гIевттина,
УьстагIийн ков юхаметтахIоттийра. Цара, и ков
Далла лерина хилийта къобал а дина, цуьнан
неIарш дIахIиттийра. Цу динан дайша
Ярушалайман пен дIахIоттийра Меа цIе йолчу
бIаьвнна тIера Хьананиал цIе йолчу бIаьвнна тIе
кхаччалц. Цул тIаьхьа цу гIалин пенан дакъа Далла
лерина хилийта къобалдира.
2 Динан дайшна уллохь гIалин пен буттуш
ерихонхой а бара.
Ткъа царна уллохь гIалин пен буттуш Имарин
кIант Закхур а вара.
3 ХIасинаан кIенташа ЧIерийн ков
юхаметтахIоттийра. Ханнаш шайн метте охьа а
дехкина, кевнан неIарш кIажаш тIе а ехкина, царна
догIанаш а, гIораш а дехкира цара.
4 Царна уллохь долу пенан дакъа УрьяхIун кIанта
Мармутис хьаладоьттира. УрьяхIу Къоцин кIант
вара.
Берех-ЯхIун кIанта Машулима царна уллора
пенан дакъа хьаладоьттира. Берех-ЯхIу Маши-
Забиалан кIант вара.
БаIнин кIанта ЦIадукъас царна уллохь долу пенан
дакъа дира.
5 ТакхоIан бахархоша царна уллора пенан дакъа
хьалахIоттийра. Амма ТакхоIан лоруш болчу наха
кураллина шайн куьйгалхоша тIедиллинчу
гIуллакхах куьг ца туьйхира.
6 Ишана цIе йолу ков † тодеш Писухьан кIант ЯхIу-
ЯдаI а, Басуди-ЯхIун кIант Машулим а вара. Ханнаш
шайн метте охьа а дехкина, неIарш кIажаш тIе а

† *Ишана цIе йолу ков *– я иштта: *Шира ков.**

ехкина, цу неIаршна догIанаш а, гIораш а туьйхира
цара.
7 Царна уллохь пенаш тодеш гавIонхо волу
Малти-ЯхIу а, марунихо волу Ядун а вара. Царна гIо
дора ГавIонарчу а, МицIпарчу а бахархоша. (Ткъа
Эпрат-хина малхбузехьа долчу латтанаш тIехь волу
мехкада МицIпахь Iаш вара.)
8 Царна уллохь болх беш вара дашо пхьар волу
ХьарихIа-ЯхIун кIант Iузиал.
Ткъа цунна уллохь болх беш вара хаза хьожа
йогIу хьакхарш а, духIиш а кечдеш волу говзанча
Хьанан-ЯхIу. Шуьйра пен болчу кхаччалц гIалин
пенаш хьаладира цара.
9 Царна уллохь долу пенан дакъа тодира Хьоран
кIант волчу Рапи-ЯхIус. Ярушалайман ахдекъан
хьаькам вара иза.
10 Цунна уллохь пен тобеш вара Хьарумапин кIант
Яди-ЯхIу. Цо шен цIенна уллохь долу пенан дакъа
тодира.
Ткъа цунна уллохь долу дакъа Хьашбин-ЯхIун
кIанта Хьатуша тодира.
11 Хьармин кIанта Малки-ЯхIус а, Пахьат-Муабин
кIанта Хьашубис а пенан важа долу дакъа тодира.
Цу наха иштта Пешийн бIов а тойира.
12 Царна уллохь долу дакъа тодира ХIалухьешан
кIанта Шалума, цуьнан йоIарша гIо а деш.
Ярушалайман вукху ахдекъан хьаькам вара иза.
13 ТогIин ков тодеш вара Хьануни цIе йолу стаг а,
иштта Занухь-гIалин бахархой а. Ков а дина,
цуьнан неIарш кIажаш тIе а ехкина, цу неIаршна
догIанаш а, гIораш а дехкира цара. Кхеллин кевнна
тIекхаччалц эзар дол барам болччул пенан дакъа а
тодира цара.
14 Кхеллин ков Рахбин кIанта Малки-ЯхIус тодира.
Малки-ЯхIу Байт-КIарам олучу меттиган хьаькам
вара. Ков то а дина, неIарш кIажаш тIе а ехкина, цу
неIаршна догIанаш а, гIораш а дехкира цо.
15 Кала-Хьозин кIанта Шалума Хьостан ков
тодира. Шалум МицIпин хьаькам вара. И ков то а
дина, цунна тIехь тхов бира цо. Иштта, неIарш
кIажаш тIе а ехкина, цу неIаршна догIанаш а,
гIораш а дехкира цо. И хIума ша дина ваьллачул
тIаьхьа, Шалума паччахьан бешахь болчу Селахь
олучу Iомана уллохь болу гIалин пен тобира,
Даудан гIалара охьавогIучохь долу тIегIанашна тIе
кхаччалц.
16 Цунна тIехьа долу пенан дакъа тодеш
Iазбукъан кIант Нахьми-ЯхIу вара. Иза ша Байт-
Цурин ахдекъана тIехь хьаькам вара. Цо пен
тобира Даудан къуббанашна дуьхьал йолчу
меттиге кхаччалц а, иштта цигара дIа охкуш
баьккхина болчу Iомана тIе кхаччалц а, цигара дIа
Турпалхойн цIенна тIе кхаччалц а.
17 Цунна тIехьа пен тобеш левихой бара. Уьш
Банин кIентан Рахьиман куьйгаллица болх беш
бара.
Ткъа царна уллохь долу дакъа тодеш Хьашби-ЯхIу
вара. Иза КъаIилан ахдекъана тIехь хьаькам вара.
Шен ахдекъера долчу адамашца пен тобеш вара
иза.
18 Церан вежарша цунна уллохь долу дакъа а
тодира. Уьш Хьенидадан кIентан Бавайн
куьйгаллина кIелахь болх беш бара. Ткъа иза
КъаIилан шолгIачу декъана тIехь хьаькам вара.
19 ЮшаIан кIанта Эзара царна уллохь долу дакъа
тодира, ткъа ша Эзар МицIпана тIехь хьаькам вара.
Цо герз чохь долчу чоьнна тIера дуьйна гIалин
пенан маьIигна тIе кхаччалц пен тобира.
20 Цунна уллохь Забайн кIанта Баруха пенан
дакъа тодира. Пенан маьIиг тIера коьрта *динан да*
волчу Элишубан цIенна тIе кхаччалц долу пенан
дакъа тодира цо.
21 Къоцин кIентан УрьяхIун кIант волчу Мармутис
цунна уллохь долу дакъа тодира. Иза Элишубан цIа
чу воьдучу меттера дуьйна цуьнан цIийнан
маьIигна тIе кхаччалц йолу меттиг яра.
22 Цунна тIехьа долу дакъа гIалина гонах бехаш
болчу динан дайша тодира.
23 Царна тIехьа шайн цIеношна дуьхьал долу
пенан дакъа Бен-Ямана а, Хьашубис а тодира.
Iанан-ЯхIун кIентан МаIсей-ЯхIун кIанта Iазар-
ЯхIус шен цIенна уллора дакъа тодира.
24 Цунна тIехьа Хьенидадан кIанта Бинуйс Iазар-
ЯхIун цIенна тIера дуьйна пен сеттачу метте
кхаччалц а, цигара дIа цуьнан маьIиге кхаччалц а
тобира пен.
25 Цунна тIехьа Узайн кIант Палали пен сеттачу
меттигна дуьхьал пен тобеш вара. И меттиг
бIаьвнна уллохь яра, паччахьан лакхара цIенош
долчохь, цуьнан гIаролхой Iаш болчу уьйтIена
генахь йоццуш.
Цунна тIаьхьа ПарIушан кIанта Пади-ЯхIус а,
26 Iупалахь Iаш а болуш, Делан цIийнан кертахь
гIуллакх деш болчу ялхоша а Хин кевнан
малхбалехьа долу пенан дакъа тодира, пенна тIера
арайолучу бIаьвнна тIе кхаччалц.
27 Царна тIехьа, пенна тIера арайолучу йоккхачу
бIаьвнна тIера Iупалан пенна тIе кхаччалц долу
важа дакъа такхоIхоша тодира.
28 Динан дайша Говрийн кевнна тIера долу пенан
дакъа тодира. ХIора динан дас шен цIенна
дуьхьал долу пенан дакъа тодира.
29 Царна тIехьа ЦIадукъин кIанта Амира шен
цIенна дуьхьал болу пен тобира.
Шихан-ЯхIун кIанта ШамIа-ЯхIус цунна уллохь
долу дакъа тодира. ШамIа-ЯхIу малхбалехьа долчу
кевнан хехо вара.
30 Цунна тIехьа Шалам-ЯхIун кIант Хьанан-ЯхIу а,
Хьанунин йолхалгIа волу кIант Цалпи а важа дакъа
тодеш вара.
Царна тIехьа Берех-ЯхIун кIант Машулим шен
цIенна дуьхьал долу пенан дакъа тодеш вара.
31 Цунна тIехьа Малки-ЯхIус Делан цIийнан
кертахь гIуллакх деш болчу ялхоша а, йохкархоша
а шаьш лелош долчу цIенна тIе кхаччалц долу
дакъа тодира. И цIа Мипкхад цIе йолчу кевнна

дуьхьал лаьтташ ду. Цигара дIа цо иштта пенан
маьIIехь йолчу чоьнна тIе кхаччалц долу пенан
дакъа тодира. Малки-ЯхIу ша дашо пхьар вара.
32 Ткъа дашо пхьераша а, йохкархоша а пенан
маьIIехь йолчу чоьнна тIера дуьйна УьстагIийн
кевнна тIе кхаччалц болу пен юхаметтахIоттийра.

### Болх барна дуьхьало ярна тIехь Нахьми-ЯхIус толам баккхар

4 Шена тхо Ярушалаймана гонах долу пенаш
юхаметтахIиттош ду аьлла дIахезча, Санбулат,
чIогIа оьгIазвахана, карзахвелира. Иза яхIудхойх
кхарда волавелира. 2 Шен накъосташна а,
шамранхойн эскархошна а хьалха цо элира: «ХIун
деш бу кхузахь и сий доцу жуьгтий? ХIара гIала
юхаметтахIотто билггал ойла йолуш бу уьш? Царна
шаьш сагIанаш дохур ду моьтту те? Царна шаьш и
болх сиха бина девр ду моьтту те? Цаьрга чимашна
а, хоттана а юккъера тIулгаш денлур ма дац!»
3 Санбулатаца цхьаьна волчу Iамминхочо ТIуби-
ЯхIус элира: «Жуьгташа меттахIоттош ерг хIун ю?
Жима цхьогал тIедаьлча а, бухур болуш ма бу
церан пен».
4 Аса, Деле доIа а деш, элира: «Ва тхан Дела,
сийсаза а дохуш, цара тхох лаьцна аьлларг
дIахазахьара Хьуна тхан доIанехь. Шаьш тхох
кхаьрдинарг царна дуьхьал даккхахьара Ахьа.
Хийрачу махка чу, хIонс санна, йийсаре а бигна,
юьхьIаьржачу хIиттабехьа уьш! 5 Царна тIера бехк
дIа а баьккхина, Хьайна хьалха цара летийначу
къиношна геч ма дахьара Ахьа, хIунда аьлча цара
пен беш болу нах сийсазбаьхна».
6 Ткъа тхо гIалин пенаш деш дара. И берриг а пен
нийсса ах хьалабина а девлира, хIунда аьлча
цигахь мел верг а даггара болх беш вара.
7 Санбулат, ТIуби-ЯхIу, Iаьрбихой, Iамминхой,
ашдодхой чIогIа оьгIазбахара Ярушалаймехь
гулбелла болчу нахана, гIалина гонахара болу пен
то а беш, цу пенах даьхна долу Iуьргаш дIа а
дукъуш, уьш болх беш бу аьлла шайна дIахезча.
8 Цара шайна юкъахь барт бира тIамца
Ярушалаймана тIелата а, гIалин нах карзахбаха а.
9 Тхо тхайн Деле доIанаш деш дара. Оха пенаш тIе
гIаролхой хIиттийнера, цаьрга, дийнахь а,
буьйсанна а гIарол а деш, тхо мостагIех лардайта.
10 ЯхIудхоша мукъам бора:
«Киранчийн ницкъ лахбелла,
дIакхоьхьу нехаш дукха хиларна,
пен юхаметтахIотто тхан ницкъ бац».
11 Тхох кхаьрдаш болчу мостагIаша бохура:
«Жуьгташна, тхо ган а гина, довзале, тхо царна
юкъахь хир ду. Оха уьш хIаллакбийр бу, цул тIаьхьа
болх а сацор бу». 12 Тхан мостагIашна уллохь Iаш
болчу яхIудхоша тхоьга уьттазза элира: «Массо а
маьIIера мостагIий вайна тIелетар бу». 13 ТIаккха
аса пенан уггар лахарчу а, ледарчу а меттигашкахь
нах дIахIиттийра. Шайн-шайн доьзалийн
раьгIнашкахь дIахIиттийна бара уьш, карахь
тарраш а, гоьмукъаш а, секхаIедаш а долуш.
14 Гонах а хьаьжна, лоруш болчу нахе а,
хьаькамашка а, кхин болчу нахе а вистхилира со.
Аса элира: «Вайн мостагIех шу ма кхералаш.
Хьалдолу Эла сийлахь а, кхерамах дузуьйтуш а
вуйла шайна дагадаийта! Аша, шайн вежарий а,
кIентий а, йоIарий а ларбеш, тIом бан беза! Шу
шайн зударий а, шайн цIенош а лардеш тIом беш
хила деза!» 15 Шаьш дан леринарг тхуна хууш хилар
а, Дала шайн барт бохийна хилар а тхан
мостагIашна дIахиъча, тхо гIалин пен болчу
юхадирзира, хIора шен-шен балха тIе.
16 ХIетахь дуьйна схьа сан белхалойх ах йолу тоба
пенна тIехь болх беш яра, ткъа вуьш шайн карахь
гоьмукъаш а, турсаш а, секхаIедаш а долуш,
тIедуьйхина гIаьгIнаш а долуш ха деш бара. Пенаш
деш болчу ЯхIудан нахана тIехьа тIеман
хьаькамаш бара лаьтташ. Ткъа коьчал яхьаш берш
цхьана куьйгаца болх беш бара, ткъа церан вукху
куьйгахь гоьмукъ бара. 18 Болх бечу хенахь пенаш
тодеш волчу хIора стеган хаьн тIехь кхозуш тур
дара. Ткъа суна уллохь коьман маIа карахь йолу
зурманча вара лаьтташ. 19 Лоруш болчу нахе а,
тIеман хьаькамашка а, иштта кхин долчу адамашка
а аса элира: «Вай беш берг боккха болх бу. Пенан
бохаллехь дукха дIасадаьржина вай, вовшашна
гена а девлла. 20 Цундела шайна коьман маIан аз
хезначу метте схьагулдала деза шу. Цигахь массо а
вовшахкхетар ду вай. Вайн Дела вайгахьа тIом беш
хир ву!» 21 Иштта болх беш дара тхо: тхох ах долу
дакъа кара гоьмукъ а лаьцна лаьтташ дара, ткъа
вуьш пенна тIехь болх беш бара, Iуьйранна
сатоссучу хенахь дуьйна стигалара седарчий
гучудовллалц.
22 Цу хенахь аса халкъе дIахьедира: «Берриг а нах
шайн гIоьнчашца цхьаьна Ярушалаймехь буьйса
йоккхуш хила беза, буьйсанна цаьрга гIалина ха
дайтархьама а, дийнахь гIалин пен
боттийтархьама а», – аьлла. 23 Тхоьца болчарах
цхьаммо а буьйсанна шайна тIера бедарш дIа ца
йохура: я аса а, я сан ялхоша а, я гIаролехь болчу
наха а. ХIоранна а уллохь шен герз дара.

### Нахьми-ЯхIус гIийлачарна гIо до

5 Юха, нахана юкъара божарий а, церан
зударий а, шайн хьалдолчу гергарчу
яхIудхошна реза боцуш, даккхий аьрзнаш дан
буьйлабелира. 2 Царах цхьаболчара бохура: «Тхан
дукха бераш хиларна, оха кIа эца деза, хIума
яархьама а, дийна дисархьама а».
3 Цхьаццаболчара бохура: «Тхо тхайн кхаш а,
кемсийн бошмаш а, тхайн цIенош а закъалтан
метта дIаяла дезаш ду, мацалла тIееача, тхайна кIа
эцархьама».
4 Ткъа вукхара бохура: «Оха нахера юхалург ахча
эца дезара, тхайн кхашна а, кемсийн бошмашна а
тIера паччахьна ял дIаялархьама. 5 Тхо схьадевлла

къам тхан вежарий схьабевлларг ду. Тхан кІентий а
церан кІентий санна дика бу. Амма тхо тхайн
кІентий а, йоІарий а лолла дІадала дезаш ду.
Цхьадолу тхан зудабераш хІинца а лоллехь делахь
а, тхан йиш яц уьш паргІатбаха, хІунда аьлча тхан
кхаш а, кемсийн бошмаш а кхечеран карахь ю».
6 Церан хамталла а, цара дуьйцург а сайна хезча,
со чІогІа оьгІазвахара. 7 †Цунах лаьцна сан дага
чохь дикка ойла а йина, лоруш болчу нахана а,
куьйгалхошна а тІе бехк биллира ас: «Шайн къомах
волчунна юхалург деллачу ахчанна тІера ял йоккху
аша!» – аьлла.
Цара лелийначунна дуьхьал цхьана боккхачу
гуламе нах схьакхайкхира аса. 8 Цаьрга ас элира:
«Вайн вежарий болу яхІудхой кхечу къаьмнашна
боьхкина бара. Вай ма-хуьллу уьш мах белла юха
схьабаха гІерташ лийлира. Ткъа шу юха а уьш леш
санна шайн къомах болчарна бухкуьйтуш ду!»
Тхьамданаш, ала хІума а доцуш, лаьтташ бара.
9 Ткъа аса юха а цаьрга элира: «Аша дийриг нийса
дац. Деле болчу ларамах дуьзна а долуш, дахарехь
лела ца деза шу, вайн мостагІийн болчу кхечу
къаьмнех берш вайх ца кхардийтархьама?! 10 Аша
санна, аса а, сан вежарша а, соьца цхьаьна
болчара а цаьрга юхалург ахча а, кІа а лора. Ткъа
хІинца дерриг а декхарх уьш паргІатбаха вай.
11 Аша хІинццехь церан кхаш а, кемсийн бошмаш а,
*зайт-диттийн* бошмаш а, цІенош а царна юхадерзо
деза. Иштта юхаяла еза шаьш цаьргара ахчанна а,
кІена а, чагІарна а, зайтдаьттанна а тІера яьккхина
йолу ял а!»
12 ТІаккха хьал долуш болчу наха а, хьаькамаша а
элира: «Оха массо хІума а царна юхалур ду, кхин
цаьргара хІума а йоккхур яц. Ахьа аьлларг
кхочушдийр ду оха».
ТІаккха аса динан дайшка схьакхайкхира. Аса
хьал долуш болчу нахе а, хьаькамашка а Далла
хьалха чІагІо яйтира, уьш шаьш аьллачунна тІера
бевр бац аьлла. 13 Сайн некха тІе уллу тІоьрмаг
охьа а бегийна, аса элира: «Иштта Дала а
охьавегавойла Шена уллора а, Шен цІен тІера а
массо а ша делла долу дош лардеш воцу стаг.
Иштта охьавегийна а, ваьсса а хуьлийла и стаг!»
Цигахь гулбеллачара массара а « *Амин*!» элира,
Везачу Элана хастамаш а бира. Ткъа куьйгалхоша
шайн дош кхочуш а дира.

### Нахьми-ЯхІус ша ца кхоор

14 Кхин цхьа хІума а ду: со ЯхІуд-махкахь хьаькам
лаьттинчу массо а хенахь я аса а, я сан гергарчара
а лакхарчу хьаькамна латтош болу кхача ца биира.
Со ЯхІуд-махкахь шийтта шарахь хьаькам
лаьттина, Артахь-Шаштан паччахьаллехь хиллачу
ткъолгІачу шарна тІера ткъе шуьйтталгІачу шарна
тІе кхаччалц. 15 Сол хьалха хиллачу лакхарчу
хьаькамаша нах чІогІа холчу хІиттийна хилла,
цаьргара хІора дийнахь шовзткъа *шекхал* дети
эцна а ца Іаш, кхин а ялта а, чагІар а доккхуш хилла
цара. Церан ялхоша а деш хилла халкъана тІехь
олалла. Амма со Деле болчу ларамах вуьзна
хиларна, и тайпа хІума аса сайгара ца долуьйтура.
16 Со Ярушалаймана гонахарчу пенна тІехь мало ца
еш болх беш вара. Аса цхьаьнггара а латта ца
оьцура, ткъа сан массо а ялхо цигахь болх бан
схьагуллуш вара. 17 Цул сов, аса кхобуш цхьа бІе
шовзткъе итт яхІудхо а, куьйгалхо а вара. Уьш,
гонахарчу къаьмнех болу тІебаьхкина нах ца
лерича а, оццул бара. 18 Сан шуьне гулбеллачарна
цхьана дийнахь кечъеш ерг яра: цхьа сту а, тоьлла
болу ялх уьстагІ а, тайп-тайпана долу зІакардаьхни
а. Итт де дІа мосазза долу, сан шуьне тайп-тайпана
долу чагІар а тІекхоьхьура. Делахь а аса цкъа а
халкъана тІе ца дожадора сайна лакхарчу
хьаькамна латтош болу кхача латтабе бохуш,
хІунда аьлча халкъана тІехь лаьтташ ерг иштта а
хала киртиг яра.
19 Ва сан Дела! Суна диканна ларий, дагахь
латтадехьа аса хІара халкъ бахьана долуш динарг.

### Нахьми-ЯхІуна дуьхьал бина барт

6 Санбулатана а, ТІуби-ЯхІуна а, Іаьрбихо волчу
ГІишамана а, иштта кхечу тхан мостагІашна а
дІахиира, тхан мостагІашна а дІахиира, оха, гІалин
пен юхаметтахІоттинийла а, пенах даьхначу
Іуьргех дІадукъаза цхьа а ца дисийла. Бакъду, оха
хІинца а кевнаш чу йогІу неІарш дІа ца
хІиттийнера. 2 ТІаккха Санбулата а, ГІишама а соьга
хабар даийтира: «Схьавола, вовшахкхетар ду вай
Овну-тогІерачу цхьана юьртахь». Цара суна зулам
дан барт бинера. 3 Аса цаьрга хабар дІаэцна сайн
геланчаш бахийтира: «Со цхьа доккха гІуллакх деш
мукъа вац, цундела сан шу долчу охьавосса йиш
яц. И гІуллакх юкъахдер дара, со иза дитина шу
долчу охьаваьллехьара», – аьлла.
4 Доьазза нах тІебахийтира цара и хабар дахьаш,
ткъа аса уьш мосазза богІу, хьалха санна, царна
дуьхьал хабар дохьуьйтура.
5 Иштта Санбулата пхоьазлагІа шен ялхо
ваийтира, карахь мухІар тохаза долу кехат †† а
долуш. 6 Кехата тІехь яздина дара:
«Гонахарчу къаьмнашна юкъахь лелаш цхьа
хабарш ду – ткъа ГІишама дуьйцу уьш бакъ хилар –
хьо яхІудхошца цхьаьна гІатта кечлуш ву бохуш.
Цундела хьалабеш бу боху аша Ярушалайман пен.
Хьо яхІудхойн керла паччахь хир волуш ву а боху
наха. 7 Ахьа пайхамарш а дІахІиттийна, цаьрга
Ярушалаймехь халкъе, „ХІара ву яхІудхойн
паччахь“ аьлла, хаам байта. И тайпа хабарш
паччахьах дІакхетар ду хьуна. Цундела кхуза
схьавола, вовшех дагадевр ду вай».

† *5:7 Арадаккхар 22:25; Іамалъяр 25:35-37; Карлабаькхинарг 23:19, 20.*

†† *МухІар тохаза долу кехат *– цу кепара дуккха а нахана хуур бара цу кехатан чулацам.**

8 Аса Санбулате хабар дахьийтира: «Ахьа бохуш
долу цхьа а хӀума бакъ дац. И хабар ахьа хьайгара
дуьйцуш ду», – аьлла.
9 Тхан мостагӀий тхо кхеро гӀерташ бара. Царна
моьттура: «ЯхӀудхой, куьйгаш гӀел а делла, болх
бечуьра совцур бу, цундела пен бина а бер бац».
Амма аса сайн доӀанна тӀехь доьхура: «ЧӀагӀдехьа
сан куьйгаш!» – бохуш.
10 Цхьана дийнахь Ма-ХӀайтӀабалан кӀентан Дали-
ЯхӀун кӀант ШамӀа-ЯхӀу волчу вахара со. Цуьнан
шен цӀа чуьра аравала йиш яцара. Цо соьга элира:
«Делан цӀийнан кертахь долчу дезачу цӀа чу гӀо
вайшиъ, ваьшшина тӀаьхьара неӀ дӀа а къовлуш,
хӀунда аьлча хьо вен богӀур бу. Билггал, буьйсанна
хьо вен богӀур болуш бу».
11 Амма аса ШамӀа-ЯхӀуга элира: «Со санна волу
стаг вада везий те? Я со санна волу стаг *Делан цӀа*
чу шен са кӀелхьардаккхархьама ваха везий те? † Со
цу чу гӀур вац!»
12 Суна хаьара ШамӀа-ЯхӀу Делера болу хаам беш
воцийла. Цо суна дуьхьал болу хаам бора, ша
ТӀуби-ЯхӀуссий, Санбулатий эцна хиларх терра.
13 Цара ШамӀа-ЯхӀу лаьцнера, со кхеро дагахь. Со
кхера а вина, соьга къа а латадайтина, Делан цӀа чу
со дӀалачкъа вахийта гӀерташ бара уьш. ТӀаккха сан
мостагӀийн со юьхьӀаьржачу хӀотто йиш хир яра.
14 Аса доӀа дира: «Сан Дела, ТӀуби-ЯхӀуй,
Санбулаттий дага а ваийтий, цара мел динарг
бахьана долуш царна кхел яхьара Ахьа. Иштта,
шегахь Делера хаам болуш йолу НуӀад-ЯхӀу а,
кхиболу со кхераван арабевлла болу пайхамарш а
дагабаийтахьара Ахьа Хьайна».

## Пен бина балар

15 Ярушалаймана гонах болу пен Алул-беттан ткъе
пхоьалгӀачу дийнахь бина белира. И болх
шовзткъе шийтта дийнахь бинера цара. 16 Тхуна
гонах болчу а, тхан мостагӀий болчу а массо а
къаьмнашна иза дӀахиъча, уьш кхера а белира,
цара шайх болу тешам а байира, хӀунда аьлча уьш
кхийтира и болх оха тхайн Делан гӀоьнца бина
хиларх.
17 Цу деношкахь ЯхӀуд-махкарчу лоруш болчу
наха дукха кехаташ кхоьхьуьйтура ТӀуби-ЯхӀуга,
ткъа ТӀуби-ЯхӀугара кехаташ цаьрга а кхочура.
18 ЯхӀудхойх дукххахболчара, цунна тешаме хир бу
аьлла, чӀагӀо йинера, хӀунда аьлча ТӀуби-ЯхӀу
Арахьин кӀентан Шихан-ЯхӀун нуц вара, ткъа ТӀуби-
ЯхӀун кӀанта ЯхӀу-Хьанас Берех-ЯхӀун кӀентан
Машулиман йоӀ ялийнера. 19 Цу наха соьга ТӀуби-
ЯхӀу хестош къамелаш дора, ткъа аса мел аьлларг
ТӀуби-ЯхӀуга дӀадуьйцура. Ткъа ТӀуби-ЯхӀу, со кхеро
дагахь, соьга кехаташ кхоьхьуьйтуш вара.
7 ГӀалин пен бина а баьлла, ас кевнийн неӀарш
дӀахӀиттийна евлча, гӀалин кевнашкара
гӀаролхой а, илланчаш а, левихой а шайн-шайн
гӀуллакхашна къобалбира. 2 Сайн ваша Хьанани а,
гӀопан хьаькам волу Хьанан-ЯхӀу а ас къобалвира
Ярушалаймана тӀехь урхалла дан. Хьанан-ЯхӀу ас
хаьржинера, хӀунда аьлча иза тешаме а, Деле
дукхахболчарал сов ларамах вуьзна а волу дела.
3 Цул тӀаьхьа цу шинга аса элира: «ГӀалин кевнаш
шаьш схьаделлале, малх къеггина схьакхетталц
собардан деза аша. Ткъа кевнаш дӀачӀагӀдан а,
царна тӀе ханнаш дӀахӀитто а деза, гӀарол дина
бовлале. ГӀарол дан Ярушалайман бахархой харжа.
Цхьаберш шайн метте дӀахӀиттабе, ткъа вуьш
шайн-шайн цӀеношна дуьхьал дӀахӀиттабе».

## Йийсарера юхабирзинчеран цӀераш

(Iезар 2:1-70)

4 ГӀала йоккха а, шена чохь шортта меттиг йолуш
а яра, ткъа адам цигахь кӀезиг дара, дуккха а
цӀенош хӀинца а дина дацара. 5 Дала сан даг чохь
ойла кхоьллира, лоруш болу нах а, хьаькамаш а,
кхидолу массо а халкъ схьа а гулдина, уьш массо а
дӀаязбан беза аьлла, хӀунда аьлча суна
схьакарийнера дуьххьара юхабирзинарш
дӀаязбина долу тептарш. Царна тӀехь дӀаяздина
дара:
6 «ХӀорш бу цу мехкан массо а маьӀIера болу
йийсарера юхабаьхкина болу нах. Бавеларчу
паччахьо Набухди-Нецара уьш Бавеле йийсаре
дӀабигна хилла, ткъа хӀинца уьш Ярушалайме а,
ЯхӀуд-махка а хӀора шен-шен гӀала юхабирзина.
7 Оцу нехан куьйгалхой бара: Зурбабел, ЮшаӀ,
Нахьми-ЯхӀу, Iазар-ЯхӀу, РаӀам-ЯхӀу, Нахьмани,
Мардахай, Билшан, Миспарти, БигӀвай, Нехьум,
БаӀна.
ХӀорш ю юхабирзинчу исраилхойн цӀераш:
8 ПарӀушан тӀаьхьенах берш – ши эзар цхьа бӀе
кхузткъе шийтта стаг (2172);
9 Шапат-ЯхӀун тӀаьхьенах берш – кхо бӀе кхузткъе
шийтта стаг (372);
10 Арахьин тӀаьхьенах берш – ялх бӀе шовзткъе
шийтта стаг (652);
11 Пахьат-Муабин тӀаьхьенах болчу ЮшаӀан а,
Йоабан а доьзалшкара – ши эзар бархӀ бӀе
берхӀитта стаг (2818);
12 Iейламан тӀаьхьенах берш – цхьа эзар ши бӀе
шовзткъе вейтта стаг (1254);
13 Затун тӀаьхьенах берш – бархӀ бӀе шовзткъе пхиъ
стаг (845);
14 Закайн тӀаьхьенах берш – ворхӀ бӀе кхузткъа стаг
(760);
15 Бинуйн тӀаьхьенах берш – ялх бӀе шовзткъе бархӀ
стаг (648);
16 Бебайн тӀаьхьенах берш – ялх бӀе ткъе бархӀ стаг
(628);
17 IазгӀадин тӀаьхьенах берш – ши эзар кхо бӀе ткъе
шиъ стаг (2322);
18 Адуникхаман тӀаьхьенах берш – ялх бӀе кхузткъе
ворхӀ стаг (667);

† *Я иштта: *Со санна волу стаг, Делан цӀа чу а вахана, дийна муха вуьсур вара?**

19 БигIвайн тIаьхьенах берш – ши эзар кхузткъе
ворхI стаг (2067);
20 Iадин тIаьхьенах берш – ялх бIе шовзткъе
пхийтта стаг (655);
21 Атарин тIаьхьенах волчу Хьузакх-ЯхIун доьзалера
– везткъе берхIитта стаг (98);
22 Хьашуман тIаьхьенах берш – кхо бIе ткъе бархI
стаг (328);
23 Бецайн тIаьхьенах берш – кхо бIе ткъе виъ стаг
(324);
24 Хьарипан тIаьхьенах берш – цхьа бIе шийтта стаг
(112);
25 ГавIонан тIаьхьенах берш – везткъе пхийтта стаг
(95).
26 Байтлахам-гIалара а, НатIупат-гIалара а болчу
бахархойх – цхьа бIе везткъе бархI стаг (188);
27 Iанатот-гIаларчу бахархойх – цхьа бIе ткъе бархI
стаг (128);
28 Байт-Iазмавтара – шовзткъе шиъ стаг (42);
29 Кхиръят-ЯIаримера а, Капира-гIалара а, Баировт-
гIалара а болу бахархой – ворхI бIе шовзткъе кхоъ
стаг вара (743);
30 Рама-гIалара а, ГибаI-гIалара а болчу бахархойх –
ялх бIе ткъе цхьаъ стаг вара (621);
31 Михмасерчу бахархойх – цхьа бIе ткъе шиъ стаг
вара (122);
32 Бетал-гIалара а, ГIай-гIалара а болчу бахархойх –
цхьа бIе ткъе кхоъ стаг вара (123);
33 Набу-гIаларчу бахархойх – шовзткъе шийтта стаг
вара (52);
34 Iейламан тIаьхьенах берш – цхьа эзар ши бIе
шовзткъе вейтта стаг вара (1254);
35 Хьармин тIаьхьенах берш – кхо бIе ткъа стаг вара
(320);
36 Ерихонан бахархойх – кхо бIе шовзткъе пхиъ стаг
вара (345);
37 Лодди-юьртара а, Хьадидара а, Овну-гIалара а
болу бахархой – ворхI бIе ткъе цхьаъ стаг вара
(721);
38 Саниара болу бахархой – кхо эзар исс бIе ткъе итт
стаг вара (3930);
39 Динан дай:
ЮшаIан цIийнах волчу Яди-ЯхIун тIаьхьенах болу
нах – исс бIе кхузткъе кхойтта стаг вара (973);
40 Амиран тIаьхьенах берш – цхьа эзар шовзткъе
шийтта стаг вара (1052);
41 Пашихьуран тIаьхьенах берш – цхьа эзар ши бIе
шовзткъе ворхI стаг вара (1247);
42 Хьармин тIаьхьенах берш – цхьа эзар вуьрхIитта
стаг вара (1017);
43 Левихойн тайпанах болу нах:
ЮшаIан а, Кхадмиалан а, ХIудавин а доьзалшкара –
кхузткъе вейтта стаг вара (74);
44 Илланчаш:
Асайпан тIаьхьенах берш – цхьа бIе шовзткъе
бархI стаг вара (148);
45 Делан цIийнан кевнехь гIаролхойн тIаьхьенах
берш:
Шалуман а, Атарин а, ТIулманан а, Iакхубин а,
Хьататин а, Шубайн а тIаьхьенах берш – цхьа бIе
ткъе берхIитта стаг (138);
46 Делан цIийнан кертахь гIуллакх деш болчу
ялхойн тIаьхьенах берш:
Цихьин а, Хьашупин а, ТабуIатин а,
47 Кхейрусан а, СиIин а, Падунан а,
48 Либанин а, ХьагIабин а, Шалмайн а,
49 Хьананан а, Гидалан а, Гахьарин а,
50 Раи-ЯхIун а, Рицанан а, Накхудин а,
51 Газамин а, Iузин а, Писухьан а,
52 Бесайн а, МуIаниман а, Напу-Шасиман а,
53 Бакхбукъан а, Хьакъупин а, Хьархьуран а,
54 Бацултин а, Махьдин а, Хьарашин а,
55 Баркусин а, Сисрин а, Тамухьан а,
56 Нацухьан а, Хьатапин а тIаьхьенех берш.
57 Сулим-паччахьан ялхой хиллачеран тIаьхьенех
берш:
Сутайн а, Супартин а, Парудин а,
58 ЯIлин а, Даркхунин а, Гидалан а,
59 Шапат-ЯхIун а, Хьатилан а, Пукрати-ХIацубайман
а, Аминан а тIаьхьенах берш.
60 Делан цIийнан кертахь гIуллакх деш болчу
ялхойн а, Сулим-паччахьан ялхойн а тIаьхьенах
берш а шаберш кхо бIе везткъе шийтта (392) стаг
вара.
61 Цхьаболу нах Ярушалайме Тал-Маликера а, Тал-
Хьаршара а, Каруб-гIалара а, Адан-гIалара а, Амир-
гIалара а баьхкинера. Амма цу нехан аьтто бацара,
шаьш Исраилан халкъах схьадевлла ду аьлла,
шайна гонах берш тешо:
62 Дали-ЯхIун а, ТIуби-
ЯхIун а, Накхудин а тIаьхьенех берш – ялх бIе
шовзткъе шиъ стаг вара (642).
63 Динан дайн доьзалшкара цигахь бара: Хьаби-
ЯхIун, Къоцин а, Барзалайн а тIаьхьенех берш. (И
тIаьхьарниг Барзалай цIе тиллина вара, хIунда
аьлча ГалIадарчу Барзалайн йоI ялийнера цо, ткъа
цул тIаьхьа цо и цIе шениг санна лорура).
64 И нах
доьзалийн тептарш тIехь шайн цIераш лоьхуш
бара, амма царна уьш ца карайора. Цундела уьш
динан дай санна тIе ца ийцира.
65 †ЯхIудан мехкадас
цкъачунна Далла сагIина баьккхина беза кхача
баар ца магийнера царна, коьрта *динан да*, схьа а
веана, *Урим а*, *Тумим а* олучу дезачу тIулгех Деле
хIун дан деза аьлла хатталц.
66 Йийсарера юхайирзинчу тобанна юкъахь
верриг а шовзткъе шиъ эзар кхо бIе кхузткъа стаг
вара,
67 царна юкъара леш ца лерича. Ткъа уьш
ворхI эзар кхо бIе ткъе вуьрхIитта лай а, *гIарбаш* а
яра. Кхин а цаьрца зударех а, божарех а волу ши
бIе шовзткъе пхиъ илланча а вара.
68 Цаьргахь
ворхI бIе ткъе ялхитта говр а, ши бIе шовзткъе
пхиъ говр-бIарза а,
69 йиъ бIе ткъе пхийтта эмкал а,
ялх эзар ворхI бIе ткъа вир а яра.
70 Цхьаболчу доьзалийн дайша цу балхана
лерина совгIаташ делира. ЯхIудан мехкадас хазни
чу цхьа эзар дешин дарик-ахча а, шовзткъе итт

† *7:65 Арадаккхар 28:30; Карлабаьккхинарг 33:8.*

беза кад а, пхи бIе ткъе итт динан дайша тIеюхуш
йолу бедарш а елира. 71 Кхиболчу доьзалийн
дайша хазни чу балхана лерина ткъа эзар дарик-
ахчанан барамехь долу деши а, ши эзар ши бIе
мин дети а делира. 72 Бисинчара кхин а ткъа эзар
дарик-ахча а, ши эзар *мин* дети а, кхузткъе ворхI
динан дайша тIеюхуш йолу бедарш а елира.
73 [†]Иштта динан дай а, левихой а, Делан цIийнан
кевнехь болу гIаролхой а, илланчаш а, халкъана
юкъара цхьаберш а, Делан цIийнан кертахь
гIуллакх деш болу ялхой а – Исраилан массо а
халкъ – шайн-шайн гIаланашкахь баха хевшира».

## Iезара халкъана товрат-хьехамаш боьшу

8 Шеран ворхIалгIа бутт тIекхачале, дерриг а
Исраилан халкъ шайн гIаланашкахь
охьахевшича, массо а исраилхой Хин кевнна
хьалха йолчу майдане схьагулбелира. Цара *Iелам
стаг* волчу Iезаре дехар дира, Везачу Эло Муса-
пайхамарехула Исраилан халкъана тIебиллина
болу товрат-хьехамаш тIехь болу тептар схьада
аьлла. 2 Iезара схьагулбеллачарна товрат-
хьехамаш тIехь болу тептар схьадеара. Иза шеран
ворхIалгIачу беттан хьалхарчу дийнахь дара.
Схьагулбеллачарна юкъахь зударий а, божарий а,
шайга дуьйцург дIаэца кхетам болуш долу бераш а
дара. 3 Iуьйранна дуьйна де делкъе даллалц Iезар,
Хин кевнна хьалхахь йолчу майданна дуьхьал
вирзина а латтташ, массо а божаршна а, зударшна
а, иштта массо а ша дуьйцург кхеташ болчу нахана
а товрат-хьехамаш тIехь болу тептар доьшуш вара.
Дерриг а адам товрат-хьехамашка чIогIа леррина
ладугIуш дара.
4 Иза цу гIуллакхна лерина йина йолчу дечиган
лакхенна тIе а ваьлла латтташ вара. Цунна аьтто
агIор латтташ Матит-ЯхIу а, ШемаI а, Iани-ЯхIу а,
УрьяхIу а, Хьалкхи-ЯхIу а, МаIсей-ЯхIу а вара, ткъа
аьрру агIор латтташ Пади-ЯхIу а, Мишаал а, Малки-
ЯхIу а, Хьашум а, Хьашба-Дана а, Закри-ЯхIу а,
Машулим а вара.
5 Iезара тептар схьадиллира. Халкъал лекха йолчу
лакхенгахь латтташ хиларе терра, Iезар массарна а
дика гуш вара. Цо тептар схьадоьллушехь, массо а
адам хьалагIаьттира. 6 Iезара декъал вира Воккха
Дела волу Веза Эла. Дерриг а халкъо, шайн
куьйгаш стигала хьала а дохуьйтуш: « *Амин*!»
элира. Цул тIаьхьа, шайн яххьаш латта кхаччалц
охьа а таIийна, Везачу Элана Iибадат дора цара.
7 Адамаш юха хьалагIевттича, левихоша царна
товрат-хьехамаш туьдура. Цу левихошна юкъахь
бара: ЮшаI, Бани, Шараб-ЯхIу, Ямин, Iаккуби,
Шабитай, ХIуди-ЯхIу, МаIсей-ЯхIу, Кхилати, Iазар-
ЯхIу, Юзабди, Хьанан, Пали-ЯхIу. 8 Цу левихоша,
Делан товрат-хьехамаш тIехь болчу тептар тIера
дешнаш билгал а дохуш, уьш тидархьама, царна
гочдора [††], адамаш шайна дIадешначух
кхоьтуьйтуш.
9 Цул тIаьхьа мехкада волчу Нахьми-ЯхIус а,
*динан да* а, Iелам стаг а волчу Iезара а, иштта
нахана хьоьхуш болчу левихоша а элира: «Тахана
шун Везачу Далла дIакъастийна долу де ду.
Сингаттаме а ма хила, делха а ма делха». Цара
иштта элира, хIунда аьлча товрат-хьехамашка
ладугIучу хенахь адам доьлхуш дара. 10 Нахьми-
ЯхIус цаьрга элира: «Дуьйло, хьена яа хIума а яа,
мерзаниг мала а мала. Шаьш юучух дакъа а де яа
хIума кечъяза бисинчарна. Таханлера де Везачу
Элана дIакъастийна долу де ду. ГIайгIане а ма хила!
Везачу Эло лучу хазахетаро чIагIдийр ду шу!»
11 Левихоша дагна хьаам бора массо а
гулбеллачарна. Цара бохура: «ДIате! Таханлера де
Везачу Элана лерина шатайпа де ду. ГIайгIане ма
хила». 12 Массо а халкъ шайн цIеношка дIадахара
хIума яа а, малар мала а, вовшашна юург-мерг
кховдо а, чIогIа самукъадаларца даздан а, товрат-
хьехамашна юкъара царна аьллачух шаьш кхетта
дела.

## Кхалорийн деза денош

13 ШолгIачу дийнахь доьзалийн дай а, динан дай
а, левихой а Iелам стаг волу Iезар волчу бахара,
цуьнца цхьаьна товрат-хьехамаш Iаморхьама.
14 [‡]Везачу Эло Муса-пайхамарехула Ша белла болу
товрат-хьехамаш толлучу хенахь царна хIара
карийра: шеран ворхIалгIачу беттан дезде даздечу
хенахь Исраилан халкъ кхалораш чохь Iан дезара.
15 Массо а халкъо, Ярушалаймехула а, шайн
гIаланашкахула а чекх а долуш, баха дезара:
«Лаьмнашкахь болчу махка а гIой, цигара *зайт-
диттан* а, акхачу зайт-диттан а, хурма-диттан а,
дукха гIаш долуш долчу диттийн а, IиндагI луш
долчу диттийн а генаш схьадан деза, царах, товрат-
хьехамаш тIехь ма-аллара, кхалораш ян а еза».
16 Халкъо, ара а даьлла, шега ма-аллара, генаш а
деана, царах шайна кхалораш йира. Цара уьш
шайн шерачу тхевнаш тIехь а, шайн уьйтIахь а,
Делан цIийнан кертахь а, Хин кевнна хьалхахь
йолчу майданахь а, иштта Эпраман кевнна хьалха
йолчу майданахь а йира. 17 Массо а йийсарера
юхабирзинарш, шайна кхалораш а йина, цу
деношкахь цу кхалораш чохь Iийра. Нунин кIант
ЮшаI ваьхначу хенахь дуьйна хIара денош тIе
кхаччалц исраилхоша и дезде иштта даздина
дацара. Массо а стаг чIогIа сакъераделла вара.
18 Iезара хьалхарчу дийнахь дуьйна тIаьххьара де
тIекхаччалц, Делан товрат-хьехамаш тIехь болу
тептар доьшура царна. ВорхI дийнахь лаьттира и
деза денош. БорхIалгIачу дийнахь, товрат-

† 7:73 Арадаккхар 9:2; Нахьми-ЯхIу 11:3.

†† *Царна гочдора *– товрат-хьехамаш Iебархойн маттахь язбина бара, ткъа жуьгтий Бавел-махкахь йийсарехь болуш, цара арамхойн мотт Iамийнера. Цундела товрат-хьехамаш гочбан безара.** ‡ *8:14, 15 Iамалъяр 23:33-36, 39-43; Карлабаьккхинарг 16:13-15.*

хьехамаш тIехь ма-аллара, уьш вовшахкхийтира
леррина дIахIоьттинчу гуламе.

### Исраилан халкъ ша летийначу къиношна къера хилар

9 Цу беттан ткъе доьалгIачу дийнахь исраилхой
схьагулбелира, *марха* а кхобуш, шайна тIехь
сингаттаман духар а долуш, коьрта тIе тесна ченаш
а йолуш. 2 Кхечу къаьмнех болчарах
схьакъаьстинера исраилхой. Шайн меттигашкахь а
льтташ, шаьш летийначу къиношна а, шайн
дайша динчу зуламашна а мукIарло дора цара.
3 Кхаа сахьтехь лаьттира уьш цигахь, шайн Везачу
Делан товрат-хьехамаш тIехь болу тептар а
доьшуш. Цул тIаьхьа кхин кхаа сахьтехь цара
шаьш лелийначунна мукIарлонаш а дора, шайн
Везачу Далла Iибадат а дора.
4 Цул тIаьхьа левихой болу ЮшаI а, Бани а,
Кхадмиал а, Шабни-ЯхIу а, Буни а, Шараб-ЯхIу а,
Бани а, Канани а лекхачу метте хьала а бевлла,
шайн Везачу Деле мохь а бетташ, доIа деш бара.
5 Юха а левихойх болу ЮшаI а, Кхадмиал а, Бани
а, Хьашбин-ЯхIу а, Шараб-ЯхIу а, ХIуди-ЯхIу а,
Шабни-ЯхIу а, Патахь-ЯхIу а къамелаш дан
буьйлабелира. Цара бохура:
«Хьала а гIовттий, шайн Везачу Далла хастамаш
бан дуьйлало.
Азалера дуьйна абадене кхаччалц хастамаш бе
Цунна.
Хьан сийлахь цIе адамаша хестайойла,
иза массо а хастамел а, декъалаллел а лекха
хуьлийла!
6 Хьо – Веза Эла ву! Хьо бен, цхьа а вац!
Ахьа стигалш а, царна чохь мел долу седарчий а
кхоьллина!
Уггар лекха стигалш а, царна чохь мел болу
ницкъаш а кхоьллина Ахь!
Ахьа латта а, цу лаьтта тIехь мел долу хIума а
кхоьллина!
Ахьа хIордаш а, цу чохь мел долу хIума а
кхоьллина.
Массо а хIуманна дахар а делла.
Стигалара ницкъаш а Хьуна Iибадат деш ду!
7 †Ибрам харжа а хаьржина,
Хашадарчу Ур-гIалара ара а ваьккхина,
цунна, ИбрахIим аьлла, цIе тиллина Веза Дела ву
Хьо.
8 ††Хьуна гира иза Хьайна тешаме хилар,
цундела Ахьа цуьнца барт а бира.
КанаIанхойн, хьетахойн, эмархойн,
перезахойн, явсайхойн, гIиргIашахойн
хилла долу латта дIалур ду элира
Ахьа цуьнан тIаьхьенна.
Хьайн *ваIда* Ахь кхочуш а дира,
Хьо тешаме волу дела.

† 9:7 а: Доладалар 11:31; 12:1; б: Доладалар 17:5. †† 9:8 Доладалар 15:18-21.

9 ‡Хьуна гуш бара Мисар-махкахь тхан дайша
хьоьгуш болу бала.
Эрзийн хIорд болчохь Хьуна хезаш дара цара гIо
доьхуш хьоькхуш долу маьхьарий.
10 ‡†Мисархошна шаьш тхан дайл лакхара хетийла
Хьуна хууш долу дела,
тамашийна билгалонаш гайтира Ахьа пирIунна
а,
цуьнан элашна а, цуьнан массо а халкъана а
дуьхьал.
Цундела Хьо цIеяхана хилла дIахIоьттира
таханлера де тIекхаччалц а.
11 ‡‡Ахьа тхан дайшна хьалхахь Эрзийн хIорд
бекъа а бекъна дIахIоттийра,
уьш декъачу лаьтта тIехула чекхбовлийтархьама.
Амма тхан мостагIий кIоргачу хIорда чу кхиссира
Ахьа,
ткъа уьш, тIулгаш санна, дерачу хи буха а бахара.
12 ‡‡†Дийнахь мархин бIогIамца Ахь уьш балабора,
буьйсанна уьш цIеран бIогIамца буьгура,
уьш дIабаха беза некъ серлабаккхархьама.
13 ‡‡‡Цул тIаьхьа Хьо Синай-лам тIе охьавоьссира.
Стигалара охьа къамел дира Ахьа цаьрца.
Царна нийса тIедехкинарш а, бакъболу товрат-
хьехамаш а,
дика парзаш а, весеташ а дIаделира.
14 Хьайн дезачу шоьтан дийнах лаьцна а
хьехам бира Ахьа царна,
иштта весеташ а, парзаш а, товрат-хьехам а
тIебиллира Хьайн ялхо волчу Мусагахула.
15 §Уьш мацбеллачу хенахь стигалара кхача а
белира Ахьа царна.
Уьш хьагбеллачу хенахь тIулгах даьккхина хи а
делира Ахьа царна.
Ахьа цаьрга элира, дIа а гIой,
царна, куьг а айина, дIадала чIагIо йина долу
латта церан дола даккха.
16 §†Амма тхан дай кура дегнаш долуш а, юхахьара
а бара.
Хьан весеташка ла ца дуьйгIира цара.
17 §††Хьуна къера хила царна ца лиира.
Ахьа шайн дуьхьа мел дина тамашийна
гIуллакхаш царна дицделлера.
Шайн куралла бахьана долуш, хьаькам хаьржира
цара,
шайн лоллехь хиллачу метте уьш
юхаберзорхьама.
Амма нахана гечдо Дела ма ву Хьо!
Хьо дика ойла йолуш а, къинхетаме а ву,
Хьо атта оьгIаз ца воьдуш а, ткъа боккха безам
болуш а ву.
Ахь уьш дIа ца тесна,

‡ 9:9 а: Арадаккхар 3:7; б: Арадаккхар 14:10-12. ‡† 9:10 Арадаккхар 7:8–12:32. ‡‡ 9:11 а: Арадаккхар 14:21-29; б: Арадаккхар 15:4, 5. ‡‡† 9:12 Арадаккхар 13:21, 22. ‡‡‡ 9:13, 14 Арадаккхар 19:18–23:33. § 9:15 а: Арадаккхар 16:4-15; б: Арадаккхар 17:1-7; в: Карлабаьккхинарг 1:21. §† 9:16, 17 Лелар 14:1-4; Карлабаьккхинарг 1:26-33. §†† 9:17 Арадаккхар 34:6; Лелар 14:18.

18 †шайна дашо эса а дина,
цара: „ХIара ву тхо Мисар-махкара арадаьхна волу Дела!“ аьлча а,
цара чIогIа Iеса къамел дича а.
19 ††Хьо чIогIа къинхетаме хиларна,
Ахьа уьш яьссачу аренгахь а дIа ца тесира.
Дийнахь царна некъ дIагойту мархин бIогIам дIа ца хьулбира Ахь,
буьйсанна уьш схьабан безаш болу некъ серлабоккху цIеран бIогIам а дIа ца баьккхира Ахь.
20 Уьш Iаморхьама Хьайн дика Са дIадели Ахь.
Саццаза Хьайн кхачанийн буьртигаш дIалора Ахь царна,
церан хьогалла дIаяккха хи а лора.
21 Шовзткъа шарахь яьссачу аренгахула уьш лелаш а бара,
царна мел оьшу хIума Ахь кхочуьйтура.
Церан бедарш а ца тишлора,
когаш а ца бестара.
22 ‡Ахьа царна пачхьалкхаш а, халкъаш а делира,
царна гонахара долу, геннара латтанаш а тIехь дIадийкъира.
Хьешбонарчу паччахьан Сихьонан латта а,
иштта Башанарчу паччахьан IовгIин латта а
шайн дола даьккхира цара.
23 ‡†Церан тIаьхье Ахь, стигалара седарчий санна, дебийра.
Церан дайшна Айхьа, *шерет* дина, латта лур ду элира,
ткъа уьш оцу лаьтта тIе схьабалийра Ахь.
24 ‡‡Цу лаьтта тIе а баьхкина, цара иза дIалецира.
Ахьа цаьрга цу лаьтта тIехь Iаш болу канаIанхой эшабайтира.
Цигара халкъ а, церан паччахьаш а, кхидолу къаьмнаш а церан кара дIа а делла,
Ахьа цаьрга шайна луъург дайтира царна тIехь.
25 ‡‡†ЧIагIйина гIаланаш а, токхе латтанаш а цара схьалецира.
Хьолах дуьзна долу цIенош а, яьхна гIунаш а цара шайн дола ехира.
Иштта кемсийн а, *зайт-диттийн* а, стоьмийн а бошмаш цара шайн дола ехира.
Уьш Iаббалц дууш, берстина дIахIиттира,
Ахьа шайна деллачу массо а беркатах марзо а оьцуш.
26 ‡‡‡Амма уьш, карзах а бевлла, Хьуна дуьхьалбевлира!
Ахь беллачу товрат-хьехамаш тIера уьш дIабирзира.
Хьан пайхамарша уьш чIогIа боьхура,
Хьуна тIе юхаберза бохуш,
амма цара и пайхамарш байира.
Тхан дайша Хьуна дуьхьал Iеса къамелаш дора,
27 цундела Ахьа церан мостагIашна уьш дIалацийта пурба делира, ткъа мостагIаша царна дукха зуламаш а дира.
Амма шайна тIе зулам деача, тхан дай Хьоьга орца доьхуш дIахIиттира.
Стигалахь волчу Ахьа цаьрга ла а дугIура,
Хьайн боккхачу къинхетамца уьш кIелхьарбохурш а лора,
ткъа цара уьш мостагIийн зуламах кIелхьара а бохура.
28 Амма синтем юха-ма-бирззинехь,
тхан дайша юха а Хьуна зуламе хеташ долу гIуллакхаш леладора.
Цундела церан мостагIийн карахь уьш битина Ахь,
цаьрга хIокхарна тIехь олалла дайтархьама.
Амма цара, юха а бирзина, Хьоьга гIо дехча,
стигалахь волчу Ахьа, церан дехарш а хезна,
юха а Хьайн боккхачу къинхетамца дукхазза а гIо дира царна.
29 §Ахьа цаьрга дIахьедора,
Хьайн товрат-хьехамашна тIе юхадерза дезар дIахоуьйтуш,
амма цара, кура а бевлла, Хьан весеташ дIатеттира.
Ахьа тIедиллинчарна дуьхьал къинош летийра цара.
Делахь а, уьш лардийриг церан гIоьнца вехар вара.
Бухахьа а бевлла, Хьох дIа а бирзина,
дегнаш чIагI а дина, Хьоьга ла ца дуьйгIира цара.
30 §†Хьо тхан дайшца чIогIа собаре вара.
Дуккха а шерашкахь царна садиттира Ахьа.
Хьайн пайхамарш Хьайн Синехула иракара а хIиттийна,
оцу пайхамаршкахула царна дIахьедора Ахь.
Амма цара ла ца дугIура,
цундела Ахьа уьш кхечу къаьмнийн кара дIабелира.
31 Амма Хьайн боккхачу къинхетамца
Ахьа уьш массо а хIаллак а ца бира,
уьш Ахьа дIа а ца тесира,
хIунда аьлча Хьо дика а, къинхетаме а Дела ву!
32 §††Ткъа хIинца, тхан Дела, ва сийлахь Дела.
Хьо Майраниг а, ларамах дузуьйтуш Верг а,
вайна юкъахь болу безаман барт Ларбийриг а ма ву!
Хьуна хьалха кIезиг ма хетийла
оха а, тхан паччахьаша а, тхан куьйгалхоша а,
тхан динан дайша а, тхан пайхамарша а, тхан дайша а,
дерриг а Хьан халкъо а хьоьгуш болу бала.
И бала Ашур-махкарчу паччахьашна тIера дуьйна
хIара де тIекхаччалц оха хьоьгуш бу.
33 Массо а тхуна тIехIоьттинчу хIуманна тIехь Хьо нийса хилла!

† *9:18 Арадаккхар 32:1-4.* †† *9:19-21 Карлабаькkхинарг 8:2-4.* ‡ *9:22 Лелар 21:21-35.* ‡† *9:23 а: Доладалар 15:5; 22:17; 6: ЮшаI 3:14-17.* ‡‡ *9:24 ЮшаI 11:23.* ‡‡† *9:25 Карлабаькkхинарг 6:10, 11.* ‡‡‡ *9:26-28 Куьйгалхой 2:11-16.*

§ *9:29 Iамалъяр 18:5.* §† *9:30 Сулим 17:13-18; 2 Шерашкахь 36:15, 16.* §†† *9:32 Сулим 15:19, 29; 17:3-6; Iезар 4:2, 10.*

Хьо тешаме хилла, оха харцдерг лелийнехь а.
34 Тхан паччахьаша а, тхан куьйгалхоша а,
тхан динан дайша а, тхан дайша а
Хьан товрат-хьехамаш кхочуш ца бора,
Хьан весеташка ла ца дугIура,
Ахьа дагадаийтинарг тергал ца дора.
35 Шайн пачхьалкхехь Ахьа делла долчу Хьан
доккхачу диканехь,
Ахьа шайн кара дIаделла долчу доккхачу, уггар
дикачу льтта тIехь
цара Хьуна Iамал а ца йора,
шаьш лелош долчу зуламечу хIуманашна тIера
дIа а ца бирзира.
36 Ткъа тхо хIинца леш ду.
ХIокху Ахьа тхан дайшна цаьрга пайда эцийта а,
цу тIера шайна напха даккхийта а дIаделла долчу
льтта тIехь
тхо леш хилла дIахIиттина.
37 Ахь тхуна тIехь хIиттийна болчу паччахьийн
кара
льтто шортта кхиъна ялта чудоуьйту,
оха летийна къинош бахьана долуш.
Тхан догIмашна тIехь олалла до цара,
ткъа церан карахь ду тхан даьхни.
Цара тхуна тIехь шайна луъург леладо,
цундела тхо йоккхачу гIайгIанехь ма ду.
38 И массо хIума а бахьана долуш, оха бохо йиш
йоцуш болу барт бо, иза кехатна тIехь дIа а язбеш.
Тхан куьйгалхоша а, левихоша а, динан дайша а цу
бартана кIел куьг яздо, иза мухIарца чIагI а беш».

### Наха бина барт а, бартана кIел куьг яздинарш а

10 МухIар а тоьхна, цу бартана кIелахь куьг
яздинарш бара: Хьахли-ЯхIун кIант, мехкада
волу Нахьми-ЯхIу а, ЦIадукъ-ЯхIу а.
Динан дай: 2 Сари-ЯхIу а, Iазар-ЯхIу а, Ярми-ЯхIу а,
3 Пашихьур а, Амар-ЯхIу а, Малки-ЯхIу а,
4 Хьатуш а, Шабни-ЯхIу а, Малук а,
5 Хьарми а, Мармути а, Iабди-ЯхIу а,
6 Даниал а, ГIинтуни а, Барух а,
7 Машулим а, Аби-ЯхIу а, Мияман а,
8 МаIаз-ЯхIу а, Билгай а, ШамIа-ЯхIу а. Уьш динан
дай бара.
9 ХIорш левихойн цIераш ю:
Азан-ЯхIу кIант ЮшаI, Хьенидадан доьзалера волу
Бинуй, Кхадмиал,
10 церан гергарнаш болу Шабни-ЯхIу, ХIуди-ЯхIу,
Кхилати, Пали-ЯхIу, Хьанан,
11 Мика, Рахьуб, Хьашби-ЯхIу,
12 Закхур, Шараб-ЯхIу, Шабни-ЯхIу,
13 ХIуди-ЯхIу, Бани, Банину.
14 Халкъан баьччанаш:
ПарIуш, Пахьат-Муаби, Iейлам, Зату, Бани,
15 Буни, IазгIади, Бебай,
16 Адан-ЯхIу, БигIвай, Iади,
17 Атари, Хьузакх-ЯхIу, Iазури,
18 ХIуди-ЯхIу, Хьашум, Бецай,
19 Хьарип, Iанатот, Неби,
20 МагIпиIаш, Машулим, Хьецар,
21 Маши-Забиал, ЦIадукъа, ЯдуI,
22 Палти-ЯхIу, Хьанан, Iани-ЯхIу,
23 ХIушаI, Хьанан-ЯхIу, Хьашуби,
24 ХIалухьеш, Пилхьа, Шубакъ,
25 Рахьим, Хьашбина, МаIсей-ЯхIу,
26 АхьъяхIу, Хьанан, Iанан,
27 Малук, Хьарми, БаIна.

### Наха бинчу бертан чулацам

28 «Ткъа халкъан кхиболчара – динан дайша а,
левихоша а, Делан цIийнан кевнехь болчу
гIаролхоша а, илланчаша а, Делан цIийнан кертахь
гIуллакх деш болчу ялхоша а, Делан товрат-
хьехаман дуьхьа шаьш кхечу къаьмнех болчарах
дIа мел къаьстиначара а, шайн зударшца а, кхетам
болуш болчу массо а шайн кIенташца а, йоIаршца
а – 29 шайн вежарий болчу лоруш болчарах дIа а
кхетта, сардаман таIзарх иштта чIагIо йо: Дала Шен
ялхо волчу Мусагахула белла товрат-хьехамаш лар
а бийр бу оха, вайн Хьалдолчу Везачу Эло мел дина
весеташ а, тIедехкинарш а, парзаш а леррина
кхочуш а дийр ду оха.
30 †Оха чIагIо йо тхайн зудабераш кхечу къаьмнех
болчу нахе маре ца дахийта а, церан зудабераш
тхайн кIенташка схьа ца даладайта а.
31 ††Тхайна гонах дехаш долчу халкъаша шоьтан
дийнахь а, я кхечу дезачу дийнахь а йохка
хIуманаш я кIа деача, уьш цаьргара оьцур яц оха.
ХIора ворхIалгIа деанчу шарахь тхайн кхаш тIехь
болх бийр бац оха, иштта тхайна декхарийлахь
болчарна къинтIера девр ду тхо.
32 ‡Оха чIагIо йо хIора шарахь цхьана шекхалан
кхоалгIа дакъа ‡† тхан Делан цIийнан хьашташна
дIадала.
33 И ахча массо а хьашташна тIе гIур ду: Далла
къобалдина долу бепиг а, хIора дийнахь дохуш
долу кIен сагIанаш а, дийнаташ дагоран сагIанаш
а, шоьтан деношкахь а, бутт цIинбаларан
деношкахь а, кхечу дезачу деношкахь а дохуш долу
сагIанаш а, кхидолу деза сагIанаш а, Исраилан
халкъо летийначу къинойх паргIатбахархьама
дохуш долу къинан сагIанаш а, иштта Делан цIенна
оьшу муьлхха гIуллакх а.
34 Оха – динан дайша а, левихоша а, халкъо а –
кхаж тесира, тхайна юкъахь билгалдаккхархьама,
шеран муьлхачу хенахь хIора тхан доьзало Делан
цIенна совгIатна лерина долу чIийш дала деза, иза
тхан Везачу Делан сагIа доккхучу кхерчахь даго,
товрат-хьехамаш тIехь ма-хиллара.
35 ‡‡Оха тхайна тIелоцу хIора шарахь Везачу Элан
цIенна тхайн льтта тIера уггар хьалха

† *10:30 Арадаккхар 34:16; Карлабаьккхинарг 7:3.* †† *10:31 а: Арадаккхар 23:10, 11; Iамалъяр 25:1-7; б: Карлабаьккхинарг 15:1, 2.* ‡ *10:32 Арадаккхар 30:11-16.* ‡† *Цхьана шекхалан кхоалгIа дакъа *– иза 4 грамм хиллал ду.** ‡‡ *10:35 Арадаккхар 23:19; 34:26; Карлабаьккхинарг 26:2.*

хьалакхиъна долу ялта а, массо а диттийн
дуьххьарлера болу стом а схьабан.
36 †Товрат-хьехамаш тIехь ма-хиллара, оха тхан
Делан цIенна схьабалор бу тхан доьзалехь
дуьххьара бина болу кIентий а, иштта тхайн бежех
а, даьхнех а, женах а долу дуьххьара дина кIорнеш
а. Цигахь гIуллакх деш болчу динан дайшна уьш
дIалур ду оха.
37 ††Оха иштта тхайн Делан цIийнан чIоьнаш чохь
болчу динан дайшна тхайна хиллачу ялтих уггар а
хьалха хьакхийна бод а бахьар бу, тхан бешара
уггар хьалха схьабаьлла болу стом а, уггар хьалха
схьадаьккхина долу чагIар а, зайтдаьтта а дахьар
ду.
Ялтех долу уьтталгIа дакъа оха дIалур ду болх беш
йолчу массо а ярташкахь уьтталгIа дакъа
схьагулдеш болчу левихошна. 38 ‡АхIаронан
цIийнах волу *динан да* левихошца хила везаш ву
цара шайн уьтталгIа дакъа схьаоьцучу хенахь. Цул
тIаьхьа левихоша шайна дIакхаьчначу уьтталгIачу
декъа тIера кхин уьтталгIа дакъа *Делан цIа* чохь
йолчу чIоьнаш чу охьадилла деза. 39 Исраилан
халкъо а, левихоша а шаьш деш долу совгIаташ –
кIа а, чагIар а, зайтдаьтта а – цу чIоьнаш чу схьадан
деза. Цигахь езачу чоьнна лерина болу гIирс а бу
ларбеш, иштта гIуллакх деш болу динан дай а,
кевнийн гIаролхой а, илланчаш а бу Iаш.
Оха чIагIо йо Делан цIийнан дола дан!»

### Ярушалаймехь Iаш болу нах

11 Исраилан халкъан баьччанаш
Ярушалаймехь баха охьахевшира. Халкъах
кхиболчара кхаж таса безаш бара, халкъах долу
уьтталгIа дакъа схьакъасторхьама. И
схьакъастийнарш езачу гIалахь Ярушалаймехь
баха ховша безара. Ткъа тIаьхьадисина долу
къоман исс дакъа шайн-шайн гIаланашкахь даха
диса тарлора. 2 Халкъо хастам бира шайн лаамца
Ярушалаймехь бисинчарна. 3 ‡†ХIорш бу
Ярушалаймехь баха хевшина болу мехкан
куьйгалхой. (Дукхахболу исраилхой а, динан дай а,
левихой а, Делан цIийнан кертахь гIуллакх деш
берш а, Сулим-паччахьан ялхойн тIаьхьенах берш
а ЯхIуд-махкарчу кхечу ярташкахь Iаш бара. Уьш
ярташкахь кхожаца шайна кхаьчначу латтанаш
тIехь Iаш бара. 4 Амма цхьаболу ЯхIудан а, Бен-
Яманан а тайпанех болу нах Ярушалаймехь бехаш
бара.)
ЯхIудан тайпанах болчеран цIераш иштта яра:
Iузи-ЯхIун кIант Iати-ЯхIу (Iузи-ЯхIу Закри-ЯхIун
кIант хилла, Закри-ЯхIу Амар-ЯхIун кIант хилла,
Амар-ЯхIу Шапат-ЯхIун кIант хилла, ткъа Шапат-
ЯхIу Парасан тIаьхьенах волчу Махьаллалан кIант
хилла),
5 Барухан кIант МаIсей-ЯхIу (Барух Кала-Хьозин
кIант хилла, Кала-Хьоза Хьази-ЯхIун кIант хилла,
Хьази-ЯхIу Iади-ЯхIун кIант хилла, ткъа Iади-ЯхIу
Закри-ЯхIун кIант волчу ЯхIу-Ярбин кIант хилла.
Закри-ЯхIу Шейлин тIаьхьенах хилла).
6 Ярушалаймехь бехаш болу Парасан тIаьхьенах
болу нах виъ бIе кхузткъе бархI стаг хилла. Уьш
берриш а чIогIа доьналла долуш нах хилла.
7 Бен-Яманан тIаьхьенах берш:
Машулиман кIант Салуъ (Машулим ЮIадан кIант
хилла, ЮIад Пади-ЯхIун кIант хилла, Пади-ЯхIу
Къули-ЯхIун кIант хилла, Къули-ЯхIу МаIсей-ЯхIун
кIант хилла, МаIсей-ЯхIу Итиалан кIант хилла, ткъа
Итиал ЯшаI-ЯхIун кIант хилла),
8 цунна тIаьхьа вогIуш Габий, Салий шиъ хилла.
Уьш Салуан гергара нах хилла. Уьш массо а исс бIе
ткъе бархI стаг хилла.
9 Зикрин кIант Юал царна тIехь хьаькам вара, ткъа
ХIасинуан кIант ЯхIуд цу гIалахь шолгIа волу
хьаькам вара.
10 Ярушалаймехь баха охьахевшина болчу динан
дайн цIераш яра хIорш:
ЯхIу-Ярбин кIант ЯдаI-ЯхIу, Якин,
11 Хьалкхи-ЯхIун кIант Сари-ЯхIу (Хьалкхи-ЯхIу
Машулиман кIант хилла, Машулим ЦIадукъин кIант
хилла, ЦIадукъа Маръютин кIант хилла, ткъа
Маръюти Делан цIенна тIехь хьаькам волчу
Ахьтубин кIант хилла);
12 иштта церан цIийнан нах болу Делан цIийнан
кертахь гIуллакх деш волу бархI бIе ткъе ши стаг а;
Ярохьаман кIант Iади-ЯхIу а (Ярохьам Амцин кIант
волчу Палал-ЯхIун кIант хилла, Амци Закри-ЯхIун
кIант хилла, Закри-ЯхIу Пашихьуран кIант хилла,
Пашихьур Малки-ЯхIун кIант хилла);
13 кхин а ши бIе шовзткъе шиъ стаг, Малки-ЯхIун
цIийнах волу (и нах шайн доьзалийн баьччанаш
хилла);
Iазариалан кIант Iамшаси (Iазариал Ахьзайн кIант
хилла, Ахьзай Амиран кIант волчу Машли-МутIин
кIант хилла);
14 кхин а цхьа бIе ткъе бархI Амиран цIийнах волу
стаг а хилла. Уьш чIогIа доьналла долуш болу нах
бара. Царна тIехь хьаькам Гадуламан кIант
Забдиал хилла.
15 ХIара цIераш Ярушалаймехь баха хиъна болчу
левихойн ю:
Хьашубин кIант ШамIа-ЯхIу (Хьашуби Iазрикхаман
кIант хилла, ткъа Iазрикхам Бунин кIентан Хьашби-
ЯхIун кIант хилла);
16 левихойн баьччанаш болу Шабитай а, Юзабди а
Делан цIийнан арахьара беш болчу балхана
тIехIиттийна хилла;
17 Микин кIант Матан-ЯхIу (Мика Завадин кIант
хилла, ткъа Завади Асайпан кIант хилла).
Баркаллин доIа дечу нахана тIехь хьалхара верг
хилла Матан-ЯхIу;
Бакхбукъ-ЯхIу (иза илланчийн шолгIачу тобанна
тIехь хьаькам хилла);
ШамуIан кIант Iабда (ШамуI Ядутунан кIентан
Галалин кIант хилла);

† *10:36 Арадаккхар 13:2.* †† *10:37 Лелар 18:21.* ‡ *10:38 Лелар 18:26.* ‡† *11:3, 4 Нахьми-ЯхIу 7:73.*

18 Езачу Ярушалайм-гIалахь волу массо а левихо ши
бIе везткъе виъ стаг хилла.
19 ХIорш Ярушалаймехь баха хевшина болчу
кевнашкарчу гIаролхойн цIераш ю:
Iаккхуби а, ТIулман а, иштта цхьа бIе кхузткъе
шийтта церан цIийнах волу стаг а. Уьш гIалин
кевнаш лардеш бара.
20 Кхиболу исраилхой а, динан дай а, левихой а
бара ЯхIуд-махкарчу гIаланашкахь бехаш. Уьш
шайн доьзалийн латтанаш тIехь бехаш бара.
21 Делан цIийнан кертахь гIуллакх деш берш
Ярушалайман цхьа дакъа долчу Iупалахь бехаш
хилла. Царна тIехь хьаькамалла лелош Цихьа а,
ГIишпа а хилла.
22 Ярушалаймехь левихошна тIехь куьйгалла деш
Iузи хилла (Iузи Банин кIант хилла, Бани Хьашби-
ЯхIун кIант хилла, ткъа Хьашби-ЯхIу Микин кIант
волчу Матан-ЯхIун кIант хилла). Иза Асайпан
тIаьхьенах хилла, ткъа уьш *Делан цIа* долчохь
назманаш олуш берш хилла.
23 Царах лаьцна
паччахьо леррина арадаьккхина тIедиллар хилла,
цу тIехь илланчийн декхарш билгалдаьхна а хилла.
24 Исраилхойх лаьцна паччахьна хаам беш верг
Патахь-ЯхIу вара. Иза ЯхIудан тIаьхьенах волчу
Зерахьан кIентан Маши-Забиалан кIант вара.

### Кхийолчу гIаланашкахь Iаш болу нах

25 ЯхIудхойх цхьаберш хIокху жимачу
гIаланашкахь Iаш бара, шайн кхашна уллохь:
Кхиръят-АрбаIахь а, цунна гонах йолчу ярташкахь
а;
Дибонахь а, цунна гонах йолчу ярташкахь а;
иштта Якхабцаалахь а, цунна гонах йолчу
ярташкахь а;
26 ЮшаIахь а, Мулада-гIалахь а, Байт-Палтехь а;
27 Хьацар-ШуIалахь а, Беар-ШабаIехь а, цунна гонах
йолчу ярташкахь а;
28 ЦакхелагIахь а, Махунехь а, цунна гонах йолчу
ярташкахь а;
29 Iейн-Риманахь а, ЦорIа-гIалахь а, Ярмут-гIалахь
а;
30 Занухь-гIалахь а, Iадуламахь а, иштта царна
гонах йолчу ярташкахь а;
Лахиш-гIалахь а, цунна уллохь йолчу аренашкахь
а;
Iазекхи-гIалахь а, цунна гонах йолчу ярташкахь а.
ЯхIудан къам Беар-ШабаIера дуьйна ХIинам-
тогIина тIе кхаччалц даха охьахиъънера.
31 Бен-яманхой хIокху гIаланашкахь баха
охьахевшинера:
ГибаI-гIалахь а, Михмасехь а, Iайи-гIалахь а, Бетал-
гIалахь а, цунна гонах йолчу ярташкахь а,
32 Iанатот-гIалахь а, Нуб-гIалахь а, Iанан-ЯхIугахь а,
33 Хьацор-гIалахь а, Рамехь а, ГIитаймехь а,
34 Хьадид-гIалахь а, ЦебаIим-гIалахь а, Набалти-
гIалахь а,
35 Лодди-юртахь а, Овну-гIалахь а, иштта Пхьерийн
тогIи чохь а.
36 ЯхIуд-махкара цхьайолу левихойн тобанашкара
нах Бен-Яман-махкахь баха хевшира.

### Динан дай а, левихой а

12 ХIорш бу йийсарера юхабирзина болу динан
дай а, левихой а. Уьш Шалтаалан кIантаца
Зурбабелца а, ЮшаIца а цхьаьна юхабирзина
хилла. Церан цIераш:
Сари-ЯхIу, Ярми-ЯхIу, Iезар,
2 Амар-ЯхIу, Малук, Хьатуш,
3 Шихан-ЯхIу, Рахьим, Мармути,
4 Iиду, ГIинтуй, Аби-ЯхIу,
5 Мияман, МаIад-ЯхIу, Билга,
6 ШамIа-ЯхIу, ЯхIу-Ярби, Яди-ЯхIу,
7 Салуъ, Iамукъ, Хьалкхи-ЯхIу, Яди-ЯхIу.
ЮшаI *динан коьрта да* волчу заманахь и нах
динан дайн а, церан гергарнаш а баьччанаш бара.
8 Левихойх болу ЮшаI, Бинуй, Кхадмиал, Шараб-
ЯхIу, ЯхIуд, Матан-ЯхIу. Далла баркалла олуш долчу
назманашна тIехь жоп луш хилла Матан-ЯхIу а,
цуьнан гергарнаш а.
9 Адамаша Далла гIуллакх дечу хенахь, Бакхбукъ-
ЯхIус а, Iунис а, церан гергарчара а назма аларца
дакъалоцура.
10 ЮшаI ЯхIу-Якхаман да хилла, ЯхIу-Якхам
Элишубан да хилла. Элишуб ЯхIу-ЯдаIан да хилла.
11 ЯхIу-ЯдаI ЯхIунатин да хилла, ЯхIуната ЯдуIан да
хилла.
12 ЯхIу-Якхаман заманахь динан дайн доьзалан
баьччанаш хIорш хилла:
Сари-ЯхIун доьзалехь лакхарниг Мари-ЯхIу хилла.
Ярми-ЯхIун доьзалехь лакхарниг Хьанан-ЯхIу
хилла.
13 Iезаран доьзалехь лакхарниг Машулим хилла.
Амар-ЯхIун доьзалехь лакхарниг ЯхIу-Хьана хилла.
14 Малухин доьзалехь лакхарниг ЯхIуната хилла.
Шихан-ЯхIун доьзалехь лакхарниг Юсуп хилла.
15 Хьармин доьзалехь лакхарниг Iаднан хилла.
Мармутин доьзалехь лакхарниг Хьелкхи хилла.
16 Iидун доьзалехь лакхарниг Закри-ЯхIу хилла.
ГIинтунин доьзалехь лакхарниг Машулим хилла.
17 Аби-ЯхIун доьзалехь лакхарниг Зикра хилла.
МуIад-ЯхIун а, Мин-Яманан доьзалшкахь лакхарниг
Пилти хилла.
18 Билгин доьзалехь лакхарниг ШамуI хилла.
ШамIа-ЯхIун доьзалехь лакхарниг ЯхIуната хилла.
19 ЯхIу-Ярбин доьзалехь лакхарниг Матинай хилла.
Яди-ЯхIун доьзалехь лакхарниг Iузи хилла.
20 Салин доьзалехь лакхарниг Къали хилла.
Iамукъин доьзалехь лакхарниг Iебар хилла.
21 Хьалкхи-ЯхIун доьзалехь лакхарниг Хьашби-ЯхIу
хилла.
ЯдаI-ЯхIун доьзалехь лакхарниг Натунаил хилла.
22 Элишубан а, ЯхIу-ЯдаIан а, Йохьанан а, ЯдуIан а
заманашкахь хилла болчу левихойн а, динан дайн
а доьзалийн баьччанийн цIераш парсихойн
паччахь волчу Дари-Вашан паччахьалла лаьттинчу
хенахь дIаязйина ю.

[23] Левин тIаьхьенах болчу доьзалийн баьччанаш
Элишубан кIант волчу ЯхIу-Хьанин заманна
тIекхаччалц дIаязбина бу.
[24] ХIара цIераш левихойн куьйгаллехь хиллачийн
ю: Хьашби-ЯхIу, Шараб-ЯхIу, ЮшаI, Бинуй,
Кхадмиал. Церан гергарнаш царна дуьххьал
дIахIуьттуш хилла, Далла хастамаш а беш,
баркалла а олуш. Цхьа тоба вукху тобане йист
хуьлуш хилла. И хIума Делан стаг волчу Дауда
дIахIоттийна хилла.
[25] ГIалин кевнехь долу чIоьнаш лардеш бара
Матан-ЯхIу а, Бакхбукъ-ЯхIу а, Iабди-ЯхIу а,
Машулим а, ТIулман а, Iаккхуби а.
[26] Уьш берриш а гIуллакх деш бара ЮцIдукъан
кIентан ЮшаIан кIант ЯхIу-Якхам куьйгаллехь
волчу хенахь а, мехкан да Нахьми-ЯхIу а, *динан да
Iелам стаг* Iезар а волчу хенахь а.

## Ярушалайман пен къобалбар

[27] Ярушалайман пен къобалбечу хенахь массо а
левихо уьш мел Iаш болчу гIаланашкара
Ярушалайме схьакхайкхинера. Левихой
схьакхайкхинера, пен къобалбечу хенахь тайп-
тайпана дечиг-пондарш а шинна а куьйгаца дуьхь-
дуьхьал тухуш долу жима цIестан негIарш а тухуш,
Далла лерина йолу назманаш ала а, Цунна
хастамаш бан а. [28] Массо а илланчаш
схьагулбеллера Ярушалаймана гонахарчу
меттигашкара а, НатIупат-гIалина гонахарчу
ярташкара а, [29] иштта Байт-Галгалара а, ГибаI-
гIалин а, Iазмаватан а аренашкара а. Цу заманахь
илланчаша Ярушалаймана гонах ярташ йинера.
[30] Динан дайша а, левихоша а Далла хьалха
цIанваларан Iадат кхочушдира. Иштта халкъана
тIехь а, гIалин кевнашна тIехь а, гIалин пенна тIехь
а кхочушдира цара цIена хуьлу Iадат.
[31] ТIаккха аса яхIудхойн куьйгалхой пенна тIе
хьала а баьхна †, уьш цигахь дIахIиттийра.
Илланчийн йоккха ши тоба а схьакъастийра аса,
цаьрга Далла хастамаш беш йолу назманаш
алийта.
Царах цхьа тоба пенна тIехула аьтту агIонгахула
Кхеллин ков долчу дIаяха езаш яра. [32] Царна
тIаьхьахIоьттина ХIушаI-ЯхIу а вара, шеца цхьаьна
ЯхIудан халкъан баьччанийн ахтоба а йолуш.
[33] Иштта царна тIаьхьахIиттина боьлхуш бара
Iазар-ЯхIу, Iезар, Машулим, [34] ЯхIуд, Бен-Яман,
ШамIа-ЯхIу, Ярми-ЯхIу. [35] Цхьаболу динан дай а
бара цигахь, шайн карахь турбанаш а йолуш.
Иштта царна тIаьхьахIоьттина воьдуш ЯхIунатин
кIант Закри-ЯхIу а вара (ЯхIуната ШамIа-ЯхIун кIант
хилла, ШамIа-ЯхIу Матан-ЯхIун кIант хилла, Матан-
ЯхIу Мика-ЯхIун кIант хилла, Мика-ЯхIу Закхуран
кIант хилла, ткъа Закхур Асайпан кIант хилла).
[36] Цигахь Асайпан гергарнаш а бара: ШамIа-ЯхIу,
Iазариал, Милали, Гилали, МаьIи, Натунаил, ЯхIуд,
Хьанани. Церан карахь Делан стаг волчу Дауда
лоькхучу тайпана гIирсаш бара. Царна массарна а
хьалхаваьлла воьдуш Iелам стаг волу Iезар а вара.
[37] Уьш Шовданан ков долчу агIор дIабирзира.
Даудан гIалин ламеш тIехула уьш пенан лакхенна
тIе хьалабевлира. Даудан цIенна тIехула а бевлла,
уьш малхбалехьа, Хин ков долчу агIор, дIабахара.
[38] Илланчийн шолгIа тоба, аьрру агIор а йирзина
дIаяхара. Уьш пенна тIехула лелачу хенахь, со
схьагулделлачу адамийн шолгIачу тобанца царна
тIаьхьа воьдуш вара. Пешийн бIаьвнах тIех а
девлла, тхо Шуьйрачу пенна тIе кхаччалц
дIадахара. [39] Цул тIаьхьа Эпрайман а, Ширачу
кевнах а, иштта ЧIерийн кевнах а тIехбевлира уьш.
Цигара Хьананиалан бIаьвнах, Меа олучу бIаьвнах
а тIехбевлира уьш. УьстагIийн кевнна тIе кхаччалц
дIа а бахана, ГIаролан кевнна уллохь севцира уьш.
[40] Цул тIаьхьа илланчийн ши тоба Делан цIийнан
кертахь шайн-шайн йолчу метте дIахIоьттира. Со а,
хьаькамийн ахтоба а дIахIоьттира тхешан метте.
[41] Шайн-шайн метте, карахь турбанаш а йолуш,
дIахIиттира динан дай болу Элъякъим, МаIсей-ЯхIу,
Мин-Яман, Мика-ЯхIу, ЭлъюIинай, Закри-ЯхIу,
Хьанан-ЯхIу. [42] Иштта Делан цIийнан кертахь шайн-
шайн метте дIахIиттира динан дай болу МаIсей-
ЯхIу, ШамIа-ЯхIу, ЭлиIазар, Iузи, ЯхIу-Хьана, Малки-
ЯхIу, Iейлам, Эзар. Илланчийн шинна а тобано,
чIогIа мохь а тухуш, назма элира. Эшарш локхучу
тобанийн куьйгалхо Израхь-ЯхIу вара.
[43] Цу дийнахь дуккха а сагIанаш дехира цара.
Массо а стаг чIогIа самукъадаьлла вара, Дала
шайна доккха хазахетар хилийтина дела. Зударий
а, бераш а самукъадаьлла лелара. Ярушалаймера
схьа геннахь хезаш дара самукъане аьзнаш.

## Делан цIа долчохь ечу Iамалъяре кхачийтар

[44] Цу дийнахь билгалбехира чIоьнаш карахь долу
нах. ХIора доьзало деш долу совгIаташ – дуьххьара
схьабевлла болу стоьмаш а, ялтин уьтталгIа долу
дакъа а – цу чIоьнаш чохь лардан дезаш дара.
ГIаланашна гонах долчу кхаш тIера цара чIоьнаш
чу схьадан дезаш дара товрат-хьехамаша динан
дайшна а, левихошна а лерина долу дакъош,
хIунда аьлча яхIудхой чIогIа хазахетта бара цигахь
гIуллакх дечу динан дайшна а, левихошна а. [45] ††Цу
динан дайша а, левихоша а шайн Далла гIуллакх а
дора, нахана юкъаhь Далла хьалха цIена хуьлу
Iадат кхочуш а дора. Илланчашца а, Делан цIийнан
кевнехь болчу гIаролхошца а цхьаьна цара
кхочушдора Дауда а, цуьнан кIанта Сулима а дина
весеташ. [46] ХIунда аьлча дуккха а хьалха, Даудан а,
Асайпан а хенахь дуьйна, баркалла олуш йолчу
эшаршна тIехь а, Далла хастам беш олуш йолчу
назманашна тIехь а куьйгалла дора илланчаша.
[47] Зурбабелан а, Нахьми-ЯхIун а заманахь массо а
исраилхоша илланчашна а, кевнехь болчу

† *Пенна тIе хьала а баьхна *– оцу хенахь гIалин пенаш стомма а, шуьйра а дара. Цундела царна тIехула лела мегара. Церан лекха дакъа некъ санна дара.**

†† *12:45 а: Арадаккхар 25:1-8; б: Арадаккхар 26:12.*

гIаролхошна а хIора денна лерина долу рицкъа
схьадахьара Делан цIийнан керта. Халкъо
левихошна дIалора царна догIуш долу дакъа, ткъа
цунах АхIаронан тIаьхьенна догIуш долу дакъа
левихоша оцу тIаьхьене дIакхачадора.

### Кхечу къаьмнех болчарах дIакъастар

13 †Цу дийнахь Муса-пайхамаран тептар массо
а халкъана хозуьйтуш дIадийшира. Цу тIехь
царна дIаяздина карийра, цхьа а Iамминхо а,
муабахо а цкъа а Делан халкъах дIакхета йиш
йолуш вац аьлла. 2 ††Иза иштта хилла, хIунда аьлча
уьш Исраилан халкъана баьпкаца а, хица а дуьхьал
ца баьхкинера. Цара БалиIам шайгахьа ваьккхина,
цуьнга исраилхошна неIалт кхайкхадайта. Амма
вайн Дала, и неIалт царна тIера дIа а даьккхина,
цунах декъалдар хилийтира. 3 И *товрат-хьехам*
шайна дIахезча, исраилхоша кхидолу къаьмнех
мел верг шайх дIакъастийра.

### Нахьми-ЯхIус дIахIиттийна керла хIуманаш

4 Амма и хIума хилале тхан Делан цIийнан
чIоьнаш карахь йолчу динан дас Элишуба (иза
ТIуби-ЯхIун захалойх стаг вара), 5 ТIуби-ЯхIуна
йоккха цхьа чоь дIаелира. Тохара цу чоьнна чу
наха деанера кIен сагIанаш а, хаза хьожа йогIу
хIуманаш а, пхьегIаш а, иштта левихошна а,
илланчашна а, Делан цIийнан кевнехь болчу
гIаролхошна а деана долчу ялтих а, керлачу
чагIарх а, зайтдаьттанах а уьтталгIа дакъа а, иштта
динан дайшна деана долу совгIаташ а. 6 И хIума
хиллачу хенахь со Ярушалаймехь вацара. Бавелан
паччахь Артахь-Шашта паччахьаллехь волчу ткъе
шуьйтталгIачу шарахь со паччахь волчу
юхаваханера. Цхьа хан яьлча, аса юха а паччахье
сайна Ярушалайме дIаваха пурба дийхира. 7 Со
Ярушалайме схьакхаьчча, суна хиира Элишубера
даьллачу зуламах лаьцна. Цо ТIуби-ЯхIуна Делан
цIийнан кертахь йолу цхьа чоь дIаеллера! 8 Со
чIогIа оьгIазвахара, сайна и хIума хезча. Цундела
аса ТIуби-ЯхIун салпал цу чуьра аракхоьссира. 9 Аса
тIедиллира, и чоь дIа а цIанйина, цу чохь хилла
йолу *Делан цIа* чуьра пхьегIаш а, наха схьадеана
долу кIен сагIанаш а, хаза хьожа йогIу хIуманаш а
шаьш хиллачу метте охьахIиттае аьлла.
10 ‡Суна иштта хиира, левихошна дIадала дезаш
долу дакъош дIалуш ца хиллийла а. Цундела Далла
Iамал ечу хенахь гIуллакх дан дезаш болу левихой
а, илланчаш а шайн-шайн кхашка юхабирзинера.
11 Аса хьаькамех и хIума бахьана долуш бехк
баьккхира. Аса цаьрга хаьттира: «Делан цIа дола ца
деш хIунда дитина?» аьлла. Цул тIаьхьа, массо а
левихо схьа а гулвина, аса уьш юха а церан
гIуллакхаш дан дIахIиттийра. 12 ‡‡Цул тIаьхьа массо
а исраилхочо шайн ялтех а, керлачу чагIарх а,
зайтдаьттанах а долу уьтталгIа дакъа Делан
цIийнан чIоьнаш чу схьадеара. 13 Делан цIа чуьра
чIоьнаш хIокху нехан кара дIаелира аса: динан да
волу Шалам-ЯхIу, *Iелам стаг* волу ЦIадукъа, левихо
волу Пади-ЯхIу. Ткъа Матан-ЯхIун кIентан Закхуран
кIант Хьанан церан гIоьнча санна дIахIоттийра аса.
Аса уьш хаьржинера, хIунда аьлча уьш тешаме
лоруш нах бара. Царна тIедиллина дара наха
схьадеанчу хIуманах шайн гергарчарна дакъа дар.
14 Ва сан Дела, аса и хIума дар бахьана долуш со
дагаваийтахьа Хьайна. Диц ма дехьа аса сайн
Делан цIийнан а, цу чохь а, цуьнан кертахь а дечу
гIуллакхийн а дуьхьа тешаме хиларца лелийнарг!
15 ‡‡Цу деношкахь ЯхIуд-махкахь Далла леринчу
шоьтан дийнахь болх беш болу нах гира суна. Цара
кемсаш а хьоьшура, царах чагIар даккхархьама.
Иштта шайн варраш тIе цIевнаш а, чагIар а,
кемсаш а, инжираш а, тайп-тайпана кхийолу
хIуманаш а тIеюттура, уьш шоьтан дийнахь
Ярушалайме дIа а яьхьна, дIайохкархьама. Аса цу
нахах чIогIа бехк баьккхира, сайна цара шоьтан
дийнахь даа хIума дIадухкуш гича.
16 Ярушалаймехь бехаш болчу цорахоша а дахьара
чIерий а, кхидолу сурсаташ а Ярушалайме, уьш
шоьтан дийнахь яхIудхошна дIадохкархьама. 17 Аса
яхIудхойн лоруш болчу нахе бехк баьккхира и
хIума бахьана долуш. Аса цаьрга элира: «И хIун
зулам ду аша деш дерг? Далла лерина долу шоьтан
де сийсаз ма доккху аша! 18 Изза хIума шун дайша а
леладора. Цундела вайн Дала вайна а, хIокху
гIалина а тIе боккха бала а, бохам а боссийра. Ткъа
шу хIинца Цуьнга Исраилан халкъана кхин а чIогIа
оьгIазло яйта гIерташ ду, шоьтан де сийсаза а
дохуш».
19 Цул тIаьхьа аса тIедиллира, пIерасканан
дийнахь суьйранна, Ярушалайман кевнаш бода
тIебогIучу хенахь, гIалин кевнаш дIа а къовлий,
шоьтан де дIадаьлча бен, уьш схьа ма делла аьлла.
Кевнийн неIарш ларъян сайна тешаме болу нах
дIахIиттийра аса. Церан Iалашо яра шоьтан
дийнахь цхьа а тайпана мохь Ярушалайма чу ца
баийтар. 20 Цкъа-шозза совдегарш а, тайп-тайпана
хIуманаш йохкархой а Ярушалайме шаьш чу ца
боввлийтича, гIалина арахь буьйсанаш йохуш бара.
21 Аса цаьрга, чIогIа бехк а боккхуш, элира: «ГIалин
пенна уллохь буьйсанаш стенна йоху аша? Кхин и
санна дерг шуьгара далахь, аса шу ницкъаца
дIадохур ду». Цул тIаьхьа уьш кхин ца богIура
шоьтан дийнахь йохкаэцар лело. 22 Аса левихошна
тIедиллира, Далла хьалха цIена хуьлу Iадат
кхочушде аьлла. Уьш цул тIаьхьа гIалин кевнаш
лардан дезаш бара, шоьтан де Далла лерина
хилийтархьама.
И хIума бахьана долуш, ва сан Дела, со Хьайна
дагаваийтахьа! Хьайн боккхачу безаме хьаьжжина,
къинхетам бехьа сох!

† *13:1, 2 Карлабаьккхинарг 23:3-5.* †† *13:2 Лелар 22:1-6.*
‡ *13:10 Карлабаьккхинарг 12:19.* ‡† *13:12 Малъаки 3:10.*
‡‡ *13:15 Арадаккхар 20:8-10; Карлабаьккхинарг 5:12-14; Ярми-ЯхIу 17:21, 22.*

23 †Цу деношкахь суна иштта гира, яхIудхоша
шайна ашдодхойх а, Iамминхойх а, муабахойх а
болу зударий балийна хилар. 24 И хIума бахьана
долуш церан берех ахдакъа ашдодхойн, я вукху
къаьмнийн мотт буьйцуш дара, яхIудхойн мотт биц
а бина. 25 Аса цу нахе бехк а баьккхира, царна
неIалт а кхайкхийра, царах цхьаболчарна етта а
йиттира, церан месаш а ийзош. Делан цIарах
иштта чIагIо яйтира ас цаьрга: «Дала тхуна таIзар
дойла, оха тхайн зудабераш цаьрга маре дахийтахь
а, я церан зудабераш тхайн кIенташна даладахь а,
я оха-тхаьш церан зударий балабахь а. 26 ††Ас элира:
„Шуна хууш ду, кхечу къаьмнех болу зударий балор
бахьана долуш, исраилхойн паччахь волчу Сулима
шех къа латийна хилар. Ткъа кхечу къаьмнийн
бацара Сулим-паччахь санна болу сийлахь
паччахьаш. Далла везаш а вара Сулим-паччахь.
Цундела Цо иза дерриг а Исраилан халкъана тIехь
паччахь вина дIа а хIоттийнера. Амма кхечу
къаьмнех болчу зударша ур-атталла цуьнга а
къинош летадайтира. 27 Ткъа хIинца тхуна хезаш
ду, шу а и тайпана доккха зуламаш лелош ду
бохуш. Хийрачу къаьмнех болу зударий шайна
балорна, шу Далла тешаме ма дац!“
28 ‡ЯхIу-ЯдаI *динан коьрта да* волчу Элишубан
кIант вара. Ткъа ЯхIу-ЯдаIан цхьа кIант хьоронхо
волчу Санбулатан нуц вара. Иза аса Ярушалайм-
гIалара эккхийна дIавахийтира.
29 Дагахь латтабе уьш, сан Дела! Динан дайн дарж
а, Ахьа динан дайшца а, левихошца а бина барт а
ма бехбина цара!
30 Аса исраилхой иштта цIанбира хийрачу
къаьмнаша схьа мел кхехьначух. Юха, динан
дайшна а, левихошна а дан дезаш долу гIуллакхаш
билгалдехира аса, хIораннан а шен гIуллакх
хилийтархьама. 31 Билгалъяьхначу хенашкахь
сагIанаш дагорна лерина долу дечиг Iалашдаран
Iадат дIахIоттийра ас. Иштта Аса билгалдаьккхира,
дуьххьара болу стом а, дуьххьара долу ялта а наха
маца схьадан деза.
Сан диканна Хьайн дагахь латтадехьа и дерриг а,
ва сан Дела!»

† *13:23-25 Арадаккхар 34:11-16; Карлабаьккхинарг 7:1-5.*
†† *13:26 а: Дауд 12:24, 25; б: Сулим 11:1-8.*
‡ *13:28 Нахьми-ЯхIу 4:1.*

# Эсират

### Дешхьалхе

цIе йолчу тептар тIехь дуьйцуш долу хIуманаш парсихойн паччахьан Iаьнан цIа чохь хилла ду. Жуьгти йолу Эсират цу дийцаран турпалхо ю. Шен йоккхачу майраллица а, тешаме хиларца а мостагIаша хIаллакдархь шен халкъ кIелхьардоккху цо. Жуьгтийн динан «Пурим» олучу дезачу дийнан схьадалар а, цуькан маьIна а туьду цу тептаро.

### Паччахьан зудчо Вашатис паччахье ла ца дугIу

1 †ХIара хIума хилла Ахьаш-Варуша паччахьалла
дечу заманчохь. Ахьаш-Варуша паччахьалла
деш хилла Индина †† тIера Хуша-махкана ‡
тIекхаччалц йолчу цхьа бIе ткъе ворхI меттигна
тIехь. 2 Кху дийцар тIехь юьйцучу хенахь Ахьаш-
Варуша Шушан-гIалин гIопахь лаьтташ долчу
паччахьан гIанта тIера паччахьалла дора.
3 Ша паччахьалла дечу кхозлагIчу шарахь Ахьаш-
Варуша шен массо а элашний, шена уллохь
гIуллакх деш болчарний лерина той хIоттийра.
Парсихойн а, мадайхойн а эскарийн хьаькамаш а,
паччахьан цIийнах схьабевлларш а, цуьнан
олаллина кIел йолчу меттигийн куьйгалхой а бара
цу тойнехь. 4 И той чIогIа деха лаьттира: бIе
дезткъа дийнахь. Ахьаш-Варуша шен пачхьалкхан
хьал а, цуьнан исбаьхьа хазалла а дIагойтура
хьешашна.
5 И бIе дезткъа де дIадаьллачул тIаьхьа паччахьо
Шушан-гIалин гIопахь дехаш долчу шен халкъана
кхин а цхьа той дIахIоттийра. И той ворхI дийнахь
лаьттира паччахьан цIийнан бешахь йолчу
кертахь. Цига кхайкхина вара уггар къечунна тIера
уггар а хьалдолчу стагана тIекхаччалц волу цу
гIопара массо а вахархо. 6 И керт яра кIайчу а,
сийначу а басахь долчу в�танан кIадешца
кечйина. Уьш кIайн а, цIарула-цIен а долчу
кIадинах йинчу тIергашца шагатIулган
бIогIамашна тIе даточу хIазаршца дIатесна яра.
Деших а, детих а йина садаIа меттигаш яра
уьйтIахь кечйина. И уьйтIе, баьццара тIулгаш а,
шагатIулгаш а, лахьорчах ‡† йоккхуш йолу хIума а,
иштта Iаьржа тIулгаш а дехкина, кечйина яра.
7 Хьешашна тIекхоьхьуш долу маларш цхьаъ
вукхунах тера доцучу дашочу кедаш чохь дахьаш
дара. Паччахьан чагIар цуьнан хьоле хьаьжжина
дукха дара. 8 Ца луучунна малар малийтар тIе ца
дожадора, хIунда аьлча паччахьо дина омра дара,
хIоранга а шена луъучу кепара малар малийта
аьлла.
9 Паччахьан зудчо Вашатис а хIоттийнера
паччахьан цIа чохь болчу зударшна лерина долу
той.
10 ВорхIалгIачу дийнахь, шен дог чагIар бахьана
долуш самукъадаьлла дIахIоьттинчу меттехь,
паччахьо шен ваьIна волчу ворхI ялхочуьнга
МахIу-Манига, Бизатига, Хьарбунига, БигIатига,
АбагIтига, Зитарга, иштта КIаркасе а омра дира,
11 шен зуда-паччахь, шен *таж* коьрта тIехь а долуш,
схьаялае аьлла. Цунна лиира дерриг а халкъана а,
массо а элашна а цуьнан исбаьхьа хазалла
дIагайта. Зуда-паччахь Вашати чIогIа хаза яра.
12 Амма Вашатина ца лиира паччахьо шега
баьIначу ялхошкахула дина долу омра кхочушдан.
Паччахь чIогIа оьгIазвахара. Иза, дарвелла,
кхехкаш вара. 13 Iедал девзаш болчу массо а
хьехамчашца пачхьалкхан гIуллакхаш лелош вара
паччахь. Цундела цо дIаяхана йолу зама евзаш
болчу хьекъалалла долчаьрга хатта сацам бира, ша
хIун дан деза аьлла. 14 Паччахьан уггар уллохь
болчу хьехамчийн цIераш яра: Каршани, ШетIур,
Адмати, Таршаш, Марас, Марсани, Мамихан.
Парсихойн а, мадайхойн а и ворхI эла паччахьна
паргIат тIекхача йиш йолуш вара. Уьш
пачхьалкхехь уггар а лакхарчу даржехь бара.
15 Паччахьо цу элашка хаьттира: «Вайна юкъахь
лелаш долчу гIиллакхашца аса паччахь йолчу
Вашатина хIун таIзар дан деза? Цо паччахь волчу

† *1:1 Iезар 4:6.* †† *Инди *– кхузахь Инди аьлла цIе йоккхуш йолу меттиг хIинцалера Пакистан лоруш ю.** ‡ *Хуша-мохк *– Хуша аьлла долу латтанаш Нил хин лакхахьара охьадогIийла йолчохь Iохкуш долу латтанаш ду. Царна юккъе догIуш ду Мисар-мехкан къилбехьа Iохкуш долу латтанаш а, хIинцалера Судан олучу пачхьалкхана чудогIуш долу латтанаш а, иштта хIинцалерачу Эфиопина къилбаседехьа долу латтанаш а.**

‡† *Лахьорч *– хIорда чохь хуьлучу садолчу хIуманан цIа.**

Ахьаш-Варуша ялхошкахула шега аьлларг кхочуш
ца дина».
16 ТӀаккха Мамихана вукху элашна хьалха жоп
делира паччахьна: «Паччахьна хьалха бехке хилла
ца Ӏа Вашати. Иза массо а элашна хьалха а, Ахьаш-
Варушан пачхьалкхехь массо а меттигашкахь
дехаш долчу дерриг а къаьмнашна хьалха а ю
бехке. 17 Вашатис динарг шайна дӀахиъча, массо а
зударий, шайн майранашца ларам боцуш,
дӀахӀуьттур бу. Цара эр ду: „Паччахь волчу Ахьаш-
Варуша, Вашати схьаялае аьлла, омра дина хилла,
амма цо шега бохург ца дина“. 18 ХӀинцачул тӀаьхьа
парсихойн а, мадайхойн а элийн зударий,
паччахьан зудчо динарг шайна дӀахезча, шайн
майранашка изза жоп луш хир бу. Царна юкъахь
цадашар а, дералла а кхоллалур ю. 19 Паччахьан
лаам хилахь, цо шен сацам дӀакхайкхо беза. И
лакхарчу Ӏедалан сацам парсихойн а, мадайхойн а
халкъашна юкъахь лелаш хила а беза, цкъа а
юкъара дӀа а ца боккхуш. Цу сацамца паччахьан
зуда Вашати кхин Ахьаш-Варуш волчу чуяха йиш
йолуш хила ца еза. Ткъа Вашатин паччахьан дарж
цул а дикаха йолчу кхечу зудчуьнга дӀадала деза
паччахьо. 20 И паччахьан сацам доза ца хиллал
йоккхачу массо а пачхьалкхехь нахана
дӀахиъначул тӀаьхьа, массо а зударий шайн
майранаш лоруш хир бу, цӀе яхна болчарна тӀера
дуьйна кӀезигчу нахана тӀекхаччалц».
21 Паччахьна а, цунна уллохь болчарна а чӀогӀа
тайра Мамихана аьлларг. Ахьаш-Варуша, шен эла
волчу Мамихана ма-аллара, сацам тӀеийцира. 22 Цо
шен пачхьалкхан массо а маьӀIе кехаташ
дахьийтира. И кехаташ хӀора меттиган абатан
низамехь а, хӀора цигахь дехаш мел долчу халкъан
маттахь а яздина дара. Цу кехаташ тӀехь аьлла
дара, хӀора майра шен доьзалехь эла ву, ткъа
цуьнан цӀахь майрачун мотт бен ма бийца аьлла.

### Эсират паччахьан зуда хуьлу

2 ТӀаьхьо, шен оьгӀазалла дӀаяьлча, Ахьаш-
Варуша Вашатих лаьцна ойла йора. Цо динчух
а, ша иза бахьана долуш бинчу сацамах а лаьцна
яра цуьнан ойла. 2 ТӀаккха цунна уллохь болчу
ялхоша элира: «Паччахьна къона а, хаза а
мехкарий лаха беза. 3 Паччахьо хаьржина болчу
баьччанаша пачхьалкхан массо а маьӀIера хаза
зудбераш схьахаржа деза. Цул тӀаьхьа уьш
Шушан-гӀалин гӀопе схьадало а деза. И зудбераш
паччахьан зударий чохь Ӏаш долчу цӀа чу а дигна,
ваьӀна волу коьрта ялхо волчу ХӀигайн куьйга кӀел
охьаховшо деза, хӀоранна а чкъор хаза хуьлуьйтуш
долу хьакхарш а делла. 4 Паччахьна хазахетта йолу
йоӀ Вашатин метта дӀахӀотто еза».
Паччахьна и хьехам чӀогӀа тайра, цундела цо иза
кхочушбан омра дира.
5 Шушан-гӀалин гӀопахь вехаш Ӏаш цхьа жуьгти
хилла, Мардахай цӀе а йолуш, Бен-Яманан
тайпанах а волуш. Иза Къушин кӀант волчу
ШамаӀин кӀентан Яиран кӀант хилла. 6 †Бавелан
паччахь волчу Набухди-Нецара ЯхӀуд-махкахь
паччахь волу ЯхӀу-Яхин Ярушалайм-гӀалара
йийсаре валийча, иза а, кхечарна юкъахь, йийсаре
валийна хилла. 7 Цуьнан, ХӀадаси цӀе а йолуш, ден
вешин йоӀ хилла. ЙоӀан я да а, я нана а ца хилла,
цундела иза Мардахайс дола деш лелош хилла.
ХӀадасин дай-наний кхелхинчул тӀаьхьа, цо шен йоӀ
санна лелош хилла иза. ХӀадасин, Эсират аьлла,
кхин а цхьа цӀе йоккхуш хилла. Цуьнан юьхь-сибат
а, дегӀ а чӀогӀа хаза а, куц долуш а дара.
8 Паччахьан сацам нахана дӀахаийтинчул тӀаьхьа
дукха зудбераш схьадалийра Шушан-гӀалин гӀопе.
Уьш паччахьан зударий ларбеш волчу ХӀигайн
куьйга кӀел дӀаделира. Эсират а, паччахьан
гӀишлошна чу а ялийна, ХӀигайн куьйга кӀел
дӀаелира. 9 ХӀигайнна чӀогӀа хазахийтира Эсират,
цундела иза цуьнца къаьсттина дика вара. Цо
цунна хьакхарш а делира, цуьнан гӀуллакх дайта
паччахьан ялхойх йолу ворхӀ йоӀ а елира. Эсират а,
цуьнан гӀуллакх деш долу зудбераш а, зударий
чохь Ӏаш болчу цӀийнан уггар а дика чоьнаш а
елла, охьаховшийра цо.
10 Эсирата шен къомах а, шен гергарчу нахах а
лаьцна цхьа а хӀума ца дуьйцура, хӀунда аьлча
Мардахайс цунна, хӀумма а ма дийца аьлла,
тӀедиллинера. 11 Мардахай хӀора дийнахь зударий
Ӏаш болчу цӀийнан кертана уллохь лелаш хуьлура,
хӀунда аьлча цунна хаа лаьара, Эсиратан хьал-де
муха ду.
12 Ахьаш-Варуш-паччахьан цӀа чу яхале, хӀора
йоӀа шийтта баттахь шена хьакхарш хьекха дезаш
хуьлура – ялх баттахь деза даьтта а хьоькхуш, ткъа
вукху ялх баттахь духӀиш а, кхидолу зударийн
хьакхарш а хьоькхуш. 13 Цул тӀаьхьа иза паччахьан
цӀа чу йоьдура. Иза паччахьан цӀа чу йоьдуш,
зударий Ӏаш болчу хӀусамера ша езаялийта шена
луъург схьаэца магийна дара. 14 Суьйранна иза
паччахь волчу буьйса яккха дахаза долчу
зудберашна юкъара йолий, паччахь волчу
чуйоьдуш хилла, ткъа Ӏуьйранна паччахьан
зударий болчу дӀайоьдуш хилла, ШаӀа-Шагиз
бохуш цӀе а йолуш, паччахьан *гӀарбаш-зударшна*
тӀехь Ӏуналла деш волчу ваьӀна ялхочун куьйга
кӀел. Паччахьан цӀа чу кхин йоьдуш ца хилла и йоӀ,
цо цӀе а яьккхина, цуьнга дӀакхайкккхалц.
15 ТӀаьххьара а Эсират паччахь волчу чуйоьду хан
тӀекхечира. Шен деваша волчу Абу-ХӀаилан йоӀ
йолу Эсират Мардахайс, шен йоӀ санна, тӀелаьцна
хилла. Паччахь волчу чуйоьдучу хенахь, паччахьан
зударий ларбеш волчу ваьӀначу ялхочо ХӀигайс
шена хьехам бинарг бен, хӀумма а ца дийхира цо.
Эсират дӀагинчарна массарна а хазахеташ хилла.
16 Паччахьан цӀа чу Ахьаш-Варуш волчу Эсирате
дӀакхайкхира цуьнан паччахьалла лаьттачу
ворхӀалгӀачу шеран уьтталгӀачу Табат олучу
баттахь. 17 Паччахьна Эсират массо а зударел а

† *2:6 2 Шерашкахь 36:10.*

дукхаезаелира. Цундела иза цуьнца дика а вара,
цунна реза а вара. Ахьаш-Варуша Эсиратан коьрта
тIе паччахьан *таж* а диллира, иза Вашатин метта
паччахьан зуда йина дIа а хIоттийра. [18] Паччахьо
Эсиратан сийнна доккха той хIоттийра, цига массо
а элий а, баьччанаш а кхойкхуш. Массо а шен
пачхьалкхан меттигашна цо цхьа деза де
дIахIоттийра. Ша комаьрша паччахь хиларе терра,
цо дукхахболчарна совгIаташ дахьийтира.

### Мардахайс паччахьан са кIелхьардоккху

[19] Зудабераш, паччахьца хиллачул тIаьхьа, кхечу
метте схьагулдечу хенахь Мардахай паччахьан
кевнна уллохь шена тIедиллина долу гIуллакхаш
деш хилла. [20] Эсирата, Мардахайс шега ма-аллара,
цхьаьнгге а ца дуьйцура, ша мича тайпанах ю а,
мича къомах ю а. Цуьнан йоI санна, Мардахайн
куьйга кIел ша хиларе терра, Эсирата ладугIура
Мардахайга.
[21] Мардахай паччахьан кевнна уллохь шена тIехь
долу гIуллакх деш волчу хенахь, цунна хиира,
паччахьан цIа чу боьду некъ ларбеш болчарах ши
гIаролхо волу БагIтани а, Тараш а, Ахьаш-Варушана
оьгIаз а вахана, иза вен барт беш вуйла. [22] Иза
шена хиъча, Мардахайс и хIума паччахьан зуда
йолчу Эсирате дIадийцира, ткъа Эсирата иза
Ахьаш-Варуш-паччахье дийцира. Мардахайн
цIарах цо иштта хаам а бира. [23] Мардахайс аьлларг
теллинчул тIаьхьа, паччахьна дIахиира, иза
баккъал а бакъ дуйла. Паччахь вен барт бина волу
ши гIаролхо дитта тIехь ирхъоьллира, ткъа
паччахьна хьалха и массо а гIуллакхаш паччахьан
хиламийн тептар тIехь дIаяздира.

### ХIаман жуьгтий хIаллакбан дагахь ву

3 Цул тIаьхьа паччахь волчу Ахьаш-Варуша,
чIогIа сий деш, хьалаайинера агIагхо † волчу
ХIамдатин кIант ХIаман. Цо иза, массо а элел а
лакхара вина, дIахIоттийнера. [2] Паччахьан кевнехь
гIуллакх деш болу массо а элий, ХIаманна хьалхахь
охьа а теIаш, корта бетташ хуьлура. Иза царна
паччахьо тIедиллина дара. Ткъа Мардахай я охьа а
ца таьIара ХIаманна хьалхахь, я цунна корта а ца
беттара цо. [3] Паччахьан кевнехь гIуллакх деш
болчу паччахьан ялхоша хоьттура Мардахайга:
«Паччахьо аьлларг кхочуш хIунда ца до ахьа?»
[4] ХIора дийнахь бохург санна паччахьан элаша и
хеттарш дора Мардахайга, амма цо ХIаманна корта
бетта аьлла долу паччахьан омра кхочуш ца дора.
ТIаккха элаша иза ХIамане дIадийцира. Царна хаа
лаьара, чекхдер дуй те Мардахайн иштта лелар.
Ткъа Мардахайс кхин а хьалха цу элашка
дIадийцина хилла, ша жуьгтий ву аьлла. [5] Шена
Мардахайс, охьа а таьIаш, корта ца беттар гича,
ХIаман чIогIа оьгIазвахара. [6] Цунна кIезиг хIума
хийтира цхьа Мардахай вийна Iар. Цундела цо,
Мардахай жуьгтийн къомах вуй шега дийцарна,
Ахьаш-Варушан пачхьалкхехь болу массо а
жуьгтий хIаллакбан бахьана лоьхура.
[7] Ахьаш-Варушан паччахьаллин шийтталгIачу
шеран Нисан цIе йолчу хьалхарчу баттахь
ХIаманна хьалха «пур» (иза «кхаж» бохург ду)
тесира, де а, бутт а къастош, жуьгтий хIаллакбан
лерина хан билгалъяккхархьама. Иштта Адар цIе
йолчу шийтталгIачу беттан кхаж белира.
[8] Ахьаш-Варуш волчу а веана, ХIамана элира:
«Хьан къаьмнашна юкъахь, пачхьалкх мел ю,
массо а маьIIехь дIасадаьржина цхьа къам ду.
Кхечу къаьмнийн доцу Iедалш ду цу къоман, ткъа
цара пачхьалкхехь дIахIоттийна долу Iедалш
кхочуш а ца до. Цундела паччахьо уьш иштта
лелийта ца оьшу. [9] Паччахьан лаам хилча, ас
цуьнга цхьа кховдор дийр дара. И нах хIаллакбе
аьлла, хьан омра хилча, аса итт эзар гали дато ахча
дохьуьйтур дара хьан хазне, хьан хьал лардеш
болчу нахе дIадала».
[10] ТIаккха паччахьо шен пIелга тIера мухIар, схьа
а даьккхина, жуьгтийн мостагIа волчу а, агIагхо
волчу а ХIамдатин кIанте ХIамане дIаделира. Цо
иза, жуьгтий хIаллакбе аьлла, шен омра чIагIдеш
дIаделира. [11] Паччахьо ХIамане элира: «ХIара дети
хьуна дIаделла ду, ткъа цу халкъана хьайна луъург
де».
[12] Хьалхарчу беттан кхойтталгIачу дийнахь
схьакхайкхира паччахьан кехаташ яздархой. Цара
ХIаманан омранаш дIаяздира пачхьалкхехь массо
а меттигашкахь дехаш долчу къаьмнийн
меттанашкахь а, церан йозанца а. И кехаташ
паччахьан тхьамданашка а, хIора меттиган
куьйгалхошка а, хIора къоман баьччанашка а
яздина дара. И кехаташ паччахьан цIарах яздина
дара, цуьнан мухIарца чIагIдина а дара.
[13] Геланчаша и кехаташ пачхьалкхан массо а маьIIе
дIасадаьхьира. Цу кехаташ тIехь яздина дара,
массо а жуьгтех волу стаг, къона а, къена а, бер а,
зуда а ца къастош, цхьана дийнахь хIаллакбе, ткъа
церан бахам схьа а баккха аьлла. Массо а жуьгтий
байа безаш билгалдаьккхина долу де дара
шийтталгIачу Адар беттан кхойтталгIа де. [14] ХIора
пачхьалкхана чуйогIуш йолчу меттигехь цу кехат
тIехь дIаязбина сацам, нахана хьалха дIа а бешна,
гучубаккха безаш бара, уьш цу дийнахь кийча
хилийтархьама.
[15] Паччахьан омрица массо а геланча сихха
новкъа велира. Паччахьан сацам Шушан-гIалин
гIопахь долчу халкъана дIабийшира. Паччаххьий,
ХIаманний молуш Iаш вара, ткъа Шушан-гIалахь
дехаш долу адамаш карзахдевлла хьийзаш дара.

### Мардахайс Эсирате гIо доьху

4 Шена паччахьан сацамах лаьцна дерг хиъча,
Мардахайс шена тIера бедарш этIийра. Цо, вон
тIедеача юхуш йолу бедарш шена тIе а юьйхина,

† *АгIагхо *– АгIаг Iамалекхахойн паччахь хилла, ткъа Iамалекхахой хьалхарчу заманахь дуьйна жуьгташца мостагIаллехь Iаш бара.**

коьрта тIе чимаш тесира. ЧIогIа воьлхуш гIала аравелира иза. 2 Паччахьан кевнна улло дIа а вахана, цигахь сецира иза, хIунда аьлча сингаттаман духар дуьйхина верг цIа чу ваха бакъо йолуш вацара. 3 Паччахьан сацам дIакхаьчначу массо а маьIIехь боьлхуш, тийжаш бара нах. *Марха* а кхобуш, доьлхуш дара адам, дуккхах болу жуьгтий, сингаттаман духар а дуьйхина, лаьттарчу чимашкахь Iохкуш бара.

4 Эсират йолчу а баьхкина, божарех а, зударех а болчу кхуьнан ялхоша Мардахайх лаьцна дийцира. ЧIогIа саготта яра Эсират. Цо Мардахайна тIеюха хIума яхьийтира, цуьнга, шена тIера сингаттаман духар дIа а даьккхина, уьш тIеюхийтархьама. Амма Мардахайс уьш схьа ца ийцира. 5 ТIаккха Эсирата паччахьо шена тIехIоттийна волчу ваьIначу ялхочуьнга ХIатахига схьакхайкхира. Эсирата иза Мардахай волчу вахийтира, цуьнан сагатдеш дерг хIун ду хьажа. 6 ХIатахи паччахьан кевнна хьалхахь йолчу гIалин майдане вахара, цигахь Мардахайх кхета. 7 Мардахайс цуьнга шена хилла долу массо а хIума дIадийцира. Цо иштта цунна дIахаийтира, жуьгтий хIаллакбархьама ХIамана паччахьан хазне охьадилла чIагIо йина долу дато ахча мел ду а. 8 Цо иштта ХIатахига дIаделира, жуьгтий хIаллакбе аьлла, паччахьан сацам тIехь болу кехат а. И сацам цу хенахь Шушан-гIалин массо а маьIIе дIабахьийтинера. Мардахайна лаьара и сацам Эсиратана дIабовзийла а, цунна массо а хIума дIахоийла а. Цо Эсиратана тIедиллийтира, иза паччахь волчу а яхана, цуьнга шен къомах къинхетам бахьара аьлла, паччахье дехарш дар. 9 ХIатахис, юха а веана, Эсирате дIадийцира Мардахайс шега мел дийцинарг. 10 ТIаккха Эсирата Мардахайга хабар дахьийтира: 11 «Массо а паччахьан гIуллакх деш болчарна а, массо а халкъашна а хууш ду, хIора зуда, я стаг, ша паччахьо тIекхайкхина а воцуш, иза волчу чухуларчу керта водахь, и стаг, Iедало ма-бохху, вийна хила везаш вуйла. И санна волу стаг дийна вуьсур ву, нагахь санна паччахьо цуьнга шен дашо гIаж дIакховдаяхь. Ткъа со паччахьна тIе кхайкхаза ткъе итт де дIадаьлла».

12 Мардахайга Эсирата аьлла долу дешнаш дIадийцира. 13 ТIаккха цо Эсирате юха а хабар дахьийтира: «Хьуна ма мотталахь, жуьгташна юкъара хьо цхьаъ, паччахьан цIа чохь хиларна, кIелхьаръер ю. 14 Нагахь санна хьо хIинцалерчу хенахь йист а ца хуьлуш IадIахь, жуьгташна гIо кхечу меттера кхочур ду, ткъа хьо а, хьан ден цIа а хIаллакьхир ду. Хьанна хаьа, хIара зама бахьана долуш кхаьчний а хьуна паччахьан дарж».

15 Эсирата Мардахайна дуьхьал жоп дахьийтира: 16 «Ваха а гIой, Шушан-гIалахь мел волу жуьгтий вовшах а тохий, суна тIера марха кхаба. Кхаа дийнаххьий, кхаа бусий ца молуш, ца дууш хан яккха. Со а, сан ялхой а хир бу, шу санна, марха кхобуш. Цул тIаьхьа со паччахь волчу гIур ю, иза Iедална дуьхьал делахь а. Нагахь со яла езахь, со лийр ю».

17 Мардахайс, дIа а вахана, шега Эсирата аьлларг дира.

### Эсирата паччахьца къамел до

5 КхозлагIчу дийнахь Эсират, шен паччахьан зудчун бедарш тIе а юьйхина, паччахь чохь волчу цIийнан чухуларчу кертахь дIахIоьттира. И меттиг паччахьан чоьнна нийсса дуьхьал яра. Паччахь шен гIанта тIехь Iаш вара паччахьан цIа чохь, нийсса чувогIийла йолчу меттигна дуьххьал. 2 Цо, шена Эсират гича, цунна реза а хилла, иза йолчу агIор шен карахь йолу дашо гIаж дIакховдийра. Эсират, тIе а еана, цу дашочу гIожан йистах дIахьакхаелира. 3 ТIаккха паччахьо хаьттира: «Сингаттаме хIума-м дац, паччахьан зуда Эсират? ХIун дехар ду хьан соьга дан? Аса кхочушдийр ду хьан муьлхха а дехар, сайн ахпачхьалкх дIаяла езахь а».

4 Эсирата элира: «Паччахьан лаам хилахь, тахана хьо а, ХIаман а аса хьан дуьхьа кечдина долчу тойне вогIийла луур дара суна».

5 ТIаккха паччахьо элира: «Сихха ХIаман кхуза схьавалаве Эсиратан дехар кхочушдан». Паччахь ХIаманца цхьаьна шайна Эсирата хIоттийначу тойне веара. 6 Ша чагIар молучу хенахь паччахьо юха а хаьттира Эсирате: «ХIун дехар дара хьан соьга? Аса иза кхочушдийр ду. Ахьа ахпачхьалкх ехахь, аса иза а дIалур ю».

7 ТIаккха Эсирата жоп делира: «Сан дехар иштта ду: 8 нагахь санна паччахь суна реза а велахь, цунна сан дехар кхочушдан а лаахь, иза кхана ХIаманца цхьаьна аса церан сийнна хIотто леринчу тойне вогIур ву. ТIаккха дIаэр ду аса паччахье сайна луург».

### ХIаман Мардахайна оьгIазвахар

9 Цу дийнахь ХIаман паччахь волчуьра чIогIа самукъадаьлла аравелира. Амма паччахьан кевнна уллохь цунна Мардахай гира. ХIара тIехволуш, Мардахай ХIаманна хьала а ца гIаьттира, цунна хьалха вега а ца вира. ТIаккха чIогIа оьгIазвахара иза цунна. 10 Халла сатуьйхира цо Мардахайна. Шен цIа ваханчул тIаьхьа, цо шен доттагIий а, шен зуда Зеришат а схьакхайкхa бахийтира. 11 ХIаман дозаллаш дан волавелира, шен боккха бахам а, шен кIентий а буьйцуш. Цо иштта дозаллица дуьйцура паччахьо ша кхечу элашна а, ялхошна а хьалха къасторх лаьцна а, иштта шена деллачу даржах лаьцна а. 12 Цо бохура: «Со цхьаъ ву паччахьан зудчо Эсирата паччахьца тойне кхайкхинарг. Эсирата кхана а кхайкхина тхойшинга тойне. 13 Амма цу хIуманах со самукъадолуш вац. Сан са паргIат дер дац, паччахьан кевнна уллохь Iаш волу жуьгти Мардахай сайна мел го».

[14] ТӀаккха Зеришата а, массо доттагӀаша а цуьнга
элира: «Шовзткъе итт дол лекха бӀогӀам дӀахӀоттабе
алий, омра де. Іуьйранна паччахье цу тӀехь
Мардахай ирхъолла ала. Цул тӀаьхьа, хьайн дог
паргӀат а долуш, паччахьца тойне гӀур ву хьо». И
дешнаш ХӀаманна чӀогӀа тайра. Цо омра дира,
бӀогӀам дӀахӀоттабе аьлла.

### Мардахайн сийдар

6 Цу буьйсанна наб яйнера паччахьан. Цо, шен
пачхьалкхехь хуьлуш долу массо а хӀума
дӀаяздеш долу тептар схьа а даийтина, иза шена
дешийтира. [2] †Цу тептар тӀехь дӀаяздина дара
Ахьаш-Варуш вен дагахь паччахьан чоь ларъеш
болчу ялхоша БагӀтанис а, Тараша а къайлаха бина
хиллачу бартах лаьцна а, и хӀума Мардахайна хаар
бахьана долуш, цара бина болу барт кхочуш ца
хиларх лаьцна а. [3] ТӀаккха паччахьо хаьттира: «ХӀун
сий а, дика а дина Мардахайна и хӀума бахьана
долуш?»
Ялхоша жоп делира: «Мардахайна цхьа а хӀума ца
дина».
[4] Паччахьо хаьттира: «ХӀинца мила ву кертахь?»
Цу хенахь паччахьан цӀийнан арахьарчу керта
ХӀаман веара. Иза, паччахье ша кечбинчу бӀогӀам
тӀе Мардахай ирхъолла аьлла, дехар дан веанера.
[5] Ялхоша жоп делира: «ХӀаман ву кертахь
лаьтташ».
Паччахьо элира: «Чувола ала цуьнга».
[6] ХӀаман чувеара. Паччахьо цуьнга хаьттира:
«ХӀун дан деза паччахьо ша сий хьаладаккха
лерина волчу стеган дуьхьа?» – аьлла.
Ткъа ХӀаманан даг чохь дара: «Со воцург кхин
мила ву паччахьо сий хьаладаккха лерина верг?»
[7] Цо паччахьна жоп делира: «Хьайна цу стеган
сий хьаладаккха лаахь, ахьа хӀара дан деза: [8] хьайн
ялхошка айхьа лелош йолу бедарш схьаяа ала.
Хьайн говр а цаьрга схьаялаяйта, цу говран коьрта
тӀе паччахьан *таж* а диллийта. [9] И говр а, и бедарш
а хьайн элашна юкъахь уггар а тоьлла волчуьнга
дӀало. Паччахьо сий хьаладаккха лерина волчуьнга
и бедарш тӀеюхийта. Цул тӀаьхьа, и стаг цу говрана
тӀе а хаавай, гӀалин урамашка ваккха, цунна хьалха
нахе хаам а бойтуш: „Иштта лелаво паччахьо сий
хьаладаккха лерина верг!“ – аьлла».
[10] Паччахьо ХӀамане элира: «ХӀинццехь говр а,
бедарш а схьа а эций, айхьа ма-аллара, паччахьан
кевнехь гӀуллакх деш волчу жуьгтичунна
Мардахайна де и хӀума. Айхьа аьллачунна тӀера
цхьа а хӀума дӀа ма даккхалахь».
[11] ХӀамана, бедарш а, говр а схьа а эцна, и бедарш
Мардахайна тӀе а юьйхина, иза паччахьан говрахь
гӀалин урамашка ваьккхира. Мардахайна хьалха
ХӀамана бохура: «Иштта лелаво паччахьо сий
хьаладаккха лерина верг!»
[12] Цул тӀаьхьа Мардахай паччахьан ков долчу
юхавирзира, ткъа ХӀаман гӀийла, юьхьӀаьржачу
хӀоттарна шен корта къайла а баьккхина, цӀа ваха
сихвелира. [13] Цо шен зудчуьнга Зеришате а, шен
массо а доттагӀашка а шена мел хилларг
дӀадийцира. Цунна хьехар дина болчу наха а,
цуьнан зудчо Зеришата а цуьнга элира: «Нагахь
жуьгтех волу Мардахай бахьана долуш хьо
дакъазаволуш велахь, хьо тоьлур вац цул, мелхо а,
цунна хьалха дакъазавер ву».
[14] Цара шайн къамел чекхдаккхале, баьхкина
схьакхаьчначу паччахьан ялхоша ХӀаман Эсирата
кечдинчу тойне ваха сихвира.

### ХӀаман ирхъоллар

7 Паччахь ХӀаманца Эсирата кечдинчу тойне
вахара. [2] Ша хьалхарчу дийнахь ма-хаттара,
чагӀар молучу хенахь паччахьо Эсирате хаьттира:
«Эсират, хӀун дехар ду хьан соьга? Хьайна луъург
соьга деха, кхочушдийр ду аса хьан дехар.
Ахпачхьалкх дӀаяла дезахь а, аса хьан дехар
кхочушдийр ду».
[3] ТӀаккха Эсирата элира: «Нагахь, паччахь, хьо
суна реза а велахь, иштта паччахьан лаам а
белахь, сан лаамца сан дахар а суна дуьтийла цо,
сан къам а дийна дуьтийла цо сан дехарца. ХӀара
ду-кх сан хьоьга долу дехар, [4] хӀунда аьлча со а, сан
къам а доьхкина ду хӀаллакдан а, дайа а дагахь.
Нагахь санна тхох леш дан дагахь доьхкина
делахьара, аса паччахье хӀумма а эр дацара, и
хӀума а дина, мостагӀчо паччахьна хилла зе
меттахӀоттор доццушехь ††».
[5] ТӀаккха Ахьаш-Варуш-паччахьо, вистхуьлуш,
шен зудчуьнга Эсирате хаьттира: «И хӀума динарг
мила ву? Схьагайта суна и хӀума дан ваьхьна волу
стаг».
[6] Эсирата элира: «И буьрса мостагӀа а, зуламе стаг
а хӀара ву: ХӀаман!»
Ткъа ХӀаман паччахьна а, паччахьан зудчунна а
хьалха, кхера а велла, вегош лаьтташ вара. [7] ЧӀогӀа
оьгӀазвахана волу паччахь, тойнера хьала а
гӀаьттина, шен цӀенна уллохь йолчу беша
аравелира. Ткъа ХӀаман Эсирате, ша
кӀелхьарваккха бохуш, дехарш деш чохь висира.
Цунна хаьара, паччахьо шена таӀзар дийр дуйла.
[8] Бешара той долчу юхавеанчу паччахьна гира
Эсират агӀоръяьлла Іаш йолчу меттан йисте
воьжна Іуьллуш волу ХӀаман. ЧӀогӀа оьгӀазвахана
волчу паччахьо мохь туьйхира: «Со чохь
воллушехь, сан зудчунна тӀекхетта хьо!»
Цуьнгара и дош доллушехь, ялхоша ХӀаманан
юьхь къайлаяьккхира. [9] Паччахьан ваьӀначу
ялхойх цхьаъ волчу Хьарбуна элира: «ХӀаманан
цӀенна уллохь лаьтташ, шовзткъе итт дол лекха а
болуш, бӀогӀам бу. Иза ХӀамана паччахь воьчуьра
кӀелхьарваьккхина волу Мардахай ирхъолла
хӀоттийна бу».

† *6:2 Эсират 2:21, 22 (Грекийн).*

†† *Я иштта: *...хӀунда аьлча бахьана дац цу бохамца паччахь зен.**

ТIаккха паччахьо элира: «ХIаман цу бIогIам тIехь
ирхъолла!»
10 ХIаман ша Мардахайна кечбина болчу бIогIам
тIехь ирхъоьллира. Цул тIаьхьа паччахь
оьгIазваханчуьра юхавирзира.

### Паччахьо, жуьгташна гIо де аьлла, омра до

8 Ахьаш-Варуш-паччахьо цу дийнахь паччахьан
зудчунна Эсиратана дIаделира жуьгтийн
мостагI волчу ХIаманан цIенош. Мардахай
паччахьна улло веара, хIунда аьлча Эсирата цунна
дIахаийтира Мардахай шен гергара стаг хилар.
2 ХIаманера ша схьаяьккхина йолу шен чIуг, пIелга
тIера схьа а яьккхина, Мардахайга дIаелира
паччахьо. Ткъа Эсирата Мардахай, ХIаманан
цIенна тIехь коьрта тIехьожург вина, дIахIоттийра.
3 Эсирата, паччахьан когашка охьа а йоьжна,
йоьлхуш, доьхура, агIагхо волчу ХIамана
жуьгташна дан дагалаьцнарг ма дайтахьара бохуш.
4 Паччахьо шен дашо гIаж Эсиратана тIе хьажийра.
Эсирата, хьала а гIаьттина, паччахьна хьалха дIа а
хIоьттина, 5 элира: «Паччахь, хьайн цу тIехь лаам а
белахь, хьан бIаьргашна со езаш а елахь, хьан
бIаьргашна хьалха хIара нийса а делахь, сан
дуьхьа хIара гIуллакх дахьара ахьа. Хьо суна реза
велахь, кехат яздахьара ахьа, агIагхо волчу
ХIамдатин кIанта ХIамана массо а хьан
пачхьалкхана карахь йолчу меттиге жуьгтий
хIаллакбе аьлла яздина долу кехаташ юхадерзош.
6 Муха ловр бу ас сан къомана тIехIоьттина болу
бохам а, сан гергара нах хIаллакьхилар а?»
7 ТIаккха Ахьаш-Варуш-паччахьо шен зудчуьнга
Эсирате а, жуьгти волчу Мардахайга а элира:
«ХIаман жуьгташна дуьхьалваьлла хилар бахьана
долуш аса цуьнан бахам Эсиратана дIабелла, ткъа
иза ша бIогIамна тIе ирхъоьллина. 8 Амма
паччахьан цIарах яз а дина, цуьнан мухIарца
чIагIдина долу кехат цхьаннан а дIадаккха бакъо
яц. ХIинца аша, шайна бакъахьа хетарг тIе а яздай,
паччахьан цIарах кехат кечде, иза паччахьан
мухIарца чIагI а де».
9 Сихха схьагулбира цу тайпана кехаташ яздеш
болу паччахьан ялхой. Иза дара кхоалгIачу Сиван-
беттан ткъе кхоалгIа де. Цара, Мардахайс ма-
аллара, кехаташ яздира жуьгташка а, Индина тIера
*Хуша-махкана* тIекхаччалц долчу бIе ткъе ворхI
латтанан тхьамданашка а, куьйгалхошка а,
баьччанашка а. И кехаташ массо а меттигехь Iаш
долчу халкъийн маттахь а, церан йозанца а яздина
дара, ткъа жуьгташка яздина долу кехаташ церан
шайн маттахь а, церан абат тIера элпашца а
яздина дара. 10 Мардахайс и кехаташ Ахьаш-
Варушан цIарах дIаяздайтира, паччахьан мухIарца
чIагI а дира. Цо и кехаташ геланчашка паччахьан
сихачу говрашкахь дIасадахьийтира (и говраш
къаьсттина сихачу дойх схьаевлла хилла). 11 Цу
кехаташ тIехь яздина дара, паччахьо хIора гIалахь
болчу массо а жуьгташна шайн мостагIех лардала
бакъо яларх лаьцна. Царна бакъо елира муьлххачу
а халкъан я меттиган эскар хIаллакдан, цуьнан
зударий а, бераш а дайа, нагахь санна и халкъ
царна тIелеттехь. Иштта бакъо елира церан бахам
шайна дIабахьа а. 12 И хIума кхочушдан
билгалдаьккхина дара шийтталгIачу Адар-беттан
кхойтталгIа де. Жуьгташна и хIума дан бакъо
еллера Ахьаш-Варушан ерриг а пачхьалкхехь мел
йолчу меттигашкахь. 13 ХIора пачхьалкхана
чуйогIуш йолчу меттигехь цу кехата тIера
схьаязбина сацам нахана хьалха дIабеша а,
гучубаккха а безаш бара, жуьгтий цу дийнахь шайн
мостагIашна бекхам бан кийча хилийтархьама.
14 Паччахьан сацам тIехь болу кехаташ а эцна,
геланчаш паччахьан говрашкахь сихха новкъа
бевлира. И сацам дIабовзийтира Шушан-гIалин
гIопахь а.
15 Мардахай паччахь волчуьра аравелира, тIехь
кIайн а, стигалан басахь а йолу паччахьан бедарш
а йолуш. Цуьнан коьртахь доккха дашо *таж* а дара,
тIехь таьIна-цIен в�танан тоьллачу кIадинах йина
йолу оба а яра. Шушан-гIалахь дIахIоттийна доккха
деза де а дара, массо а халкъ доккхадеш а дара.
16 Цу дийно жуьгташна серло а, даккхийдер а,
сакъерадалар а, сий а деара. 17 Паччахьан сацам
дIакхаьчначу хIора меттехь а, хIора гIалахь а адам
чIогIа сакъералуш а, доккхадеш а дара, цара
даккхий тойнаш дIа а хIиттийнера. Тайп-
тайпанарчу къаьмнех дуккхах болу нах жуьгтий
хилира, хIунда аьлча уьш жуьгтех чIогIа
кхерабеллера.

### Жуьгтийн толам

9 ШийтталгIачу Адар-беттан кхойтталгIачу
дийнахь дерриг а халкъо паччахьан сацам
кхочушбан безара. Иза дара жуьгтийн мостагIий,
уьш кара а берзош, царна таIзар дан кечбелла долу
де. Амма жуьгташа, толам а баьккхина, массо а
мостагIа шайна караверзийра. 2 Массо а жуьгтийн
къомах волу стаг Ахьаш-Варушан пачхьалкхехь
мел йолчу гIаланашка схьагулвелира, шаьш
хIаллакдан Iалашо йолуш арабевллачарна тIелата
дагахь. Цхьа а стаг царна дуьхьал ца латталора,
хIунда аьлча массо а къаьмнаш жуьгтех
кхераделла дара. 3 Массо а меттигера элий а,
тхьамданаш а, куьйгалхой а, паччахьан омранаш
кхочушдеш болу хьаькамаш а жуьгташна гIо деш
бара, шаьш Мардахайх кхоьру дела. 4 Мардахай
паччахьан цIен тIехь чIогIа дош догIуш стаг хилла
дIахIоьттинера. Цуьнан сий пачхьалкхан массо а
маьIIехула дIасадаьржира, хIунда аьлча иза, де
дийне мел дели, лакхарчу дарже хьалаваьлла
воьдуш вара. 5 Жуьгташа шайн мостагIий, тарраш
детташ, бойуш а хилла, шайн болчу ницкъаца
хIаллакбеш а хилла. Шаьш ца безаш болчарна
цара шайна луъург деш хилла. 6 Шушан-гIалин
гIопахь пхи бIе стаг вийна хилла цара.
7 Паршандати а, Далпан а, Аспати а, 8 Пурати а,

Адал-ЯхIу а, Аридати а, [9] Пармашти а, Арисай а,
Аридай а, Вайзати а вийра цара. [10] Уьш ХIамдатин
кIентан ХIаманан итт кIант вара. ХIаман жуьгтийн
мостагIа вара. Цундела цара уьш байина
дIабехира, амма церан бахамах куьг ца туьйхира.
[11] Цу дийнахь паччахьна дIахиира маса стаг
вийна Шушан-гIалин гIопахь. [12] Паччахьо Эсирате
элира: «Шушан-гIалин гIопахь жуьгташа пхи бIе
стаг вийна, царна юкъахь ХIаманан итт кIант а
волуш. Пачхьалкхан кхечу меттигашкахь хIун дина
цара? Муха бу хьан лаам? Иза кхочушбийр бу. Кхин
хIун дехар ду хьан? Иза а аса кхочушдийр ду».
[13] Эсирата цунна жоп делира: «Паччахьан цу тIехь
лаам белахь, суна луур дара Шушан-гIалахь болчу
жуьгташка кхана а тахана диннарг дойла а, иштта
ХIаманан итт кIентан декъий дитташна тIехь
ирхъухкийла а». [14] Паччахьо омра дIаделира иштта
дан. Шушан-гIалахь и сацам дIабовзийтира. Цара
ХIаманан итт кIентан декъий ирхъоьхкира. [15] Адар-
беттан дейтталгIачу дийнахь Шушан-гIалахь
вовшах а кхетта, жуьгташа кхин а кхо бIе стаг
вийра, амма церан бахамах цхьа а хIума схьа ца
ийцира.
[16] Пачхьалкхан кхийолчу меттигашкахь Iаш болчу
жуьгташа, шаьш лардархьама а, шайн мостагIех
шаьш паргIатдахархьама а, вовшах а кхетта,
кхузткъе итт эзар мостагIа вийна хилла, амма
церан бахамах куьг ца тоьхна. [17] И хIума хилира
Адар-беттан кхойтталгIачу дийнахь. Ткъа цу беттан
дейтталгIачу дийнахь, дагна синтем а хилла, цара и
де, самукъане деза де дина, дIахIоттийра.
[18] Ткъа Шушан-гIалахь бехаш болу жуьгтий Адар-
беттан кхойтталгIачуй, дейтталгIачуй деношкахь
вовшахкхеташ хилла. ПхийтталгIачу дийнахь цара
садоIуш хилла. И де цара, самукъане деза де а
дина, дIахIоттийна хилла. [19] Цундела ярташкахь
Iаш болчу жуьгташа Адар-беттан дейтталгIа де,
чIогIа самукъане де дина, дIахIоттийна хилла. Цу
дийнахь цара вовшийн самукъадоккхуш а хилла,
вовшашна совгIаташ деш а хилла.

## Пурим олу деза де

[20] Мардахайс, и массо а хIума дIа а яздина, Ахьаш-
Варушан пачхьалкхехь генахь а, уллохь а Iаш
болчу массо а жуьгташка кехаташ дахьийтира,
[21] хIора шеран Адар-беттан кхойтталгIачуй,
дейтталгIачуй деношкахь *Пурим* олу деза де дазде
аьлла. [22] И денош жуьгташа даздан дезаш хилла,
хIунда аьлча цу дийнахь уьш шайн мостагIех
паргIатбевлла хилла дела. Цу баттахь цаьргахь
хилла болу бала церан сакъерар хилла
дIахIоьттира, церан белхар самукъане деза де
хилла дIахIоьттира. Цара цу деношкахь, тойнаш а
деш, вовшашна совгIаташ дала а, гIийлачарна
сагIина хIума яла а дезара. [23] Жуьгташа цу
деношкахь шаьш дан долийнарг а, Мардахайс шен
кехаташ тIехь шайна тIедиллинарг а хазахетарца
тIеийцира.
[24] †АгIагхо волчу ХIамдатин кIант ХIаман, массо а
жуьгтийн мостагIа, уьш хIаллакбан дагахь
араваьлла хилла. Цу Iалашонца цо, жуьгтий
хIаллакбен де билгалдоккхуш, «пур» тесна а хилла
(иза «кхаж» бохург ду). [25] Эсират паччахь волчу
яханчул тIаьхьа, цо керла сацам тIехь болу кехаташ
дахьийтина хилла. Цу сацамо ХIамана жуьгташна
дуьхьал зуламе леринарг цуьнан шен коьрта тIе
дерзийна хилла: ХIаман а, цуьнан кIентий а
бIогIамашна тIехь ирхъоьхкина хилла. [26] Цундела
«пур» аьллачу дашца цу дезачу дийнан цIе,
«Пурим» аьлла, тиллина хилла. Мардахайс
дIаяздина долу дешнаш а, шайна гинарг а, шайн
къомана лерина хилларг а бахьана долуш,
[27] жуьгташа а, церан тIаьхьено а, царна
тIебаьхкинчу наха а хIора шарахь
билгалъяьккхинчу хенахь и ши де, шайна
дIаяздина ма-хиллара, деза де дина дIахIоттош
хилла. [28] Церан тIаьхьенаша а даздан дезаш дара и
денош. Пачхьалкхехь йолчу хIора меттехь а, хIора
гIалахь а даздан дезаш дара Пурим. Жуьгташа цкъа
а даз ца деш дита ца деза аьлла хилла и деза де. И
хIума массо а тIаьхьенна дагадоуьйтуш хила
дезара.
[29] Паччахьан зуда йолчу а, Абу-Хьаилан йоI йолчу
а Эсирата жуьгти волчу Мардахайца цхьаьна цхьа
кехат дIаяздира, Пурим олучу дезачу дийнах
лаьцна Мардахайс дIаяздина долу хIара шолгIа
кехат чIагIдархьама. [30] Ахьаш-Варушан
пачхьалкхехь йолчу бIе ткъе ворхI меттигехь
бехаш болчу жуьгташка дIасадахьийтина хилла
хIара кехат. Кехатан дешнаш машарх а, тешамах а
лаьцна хилла. [31] И кехаташ яздаран Iалашо Пурим
олу деза де цхьана билгалъяьккхинчу хенахь
даздар хилла. Паччахьан зудчо Эсирата а, жуьгтий
волчу Мардахайс а дIадахьийтина хилла шайн
сацам тIехь болу кехаташ. Цу тIехь цара массарна а
тIедиллира, и деза де шайна а, шайн тIаьхьенашна
а цхьана билгалъяьккхинчу хенахь дазде аьлла.
Кехат тIехь яздина дара, цу деношкахь цара
марханаш кхаба а, белхар дIахIотто а деза аьлла.
[32] Эсиратан кехато Пурим олучу дезчу дийнан
бакъонаш чIагIйира, иза тептар тIе дIа а яздира.

## Мардахайн сийдар

10 Паччахь волчу Ахьаш-Варуша латтанашна
тIера а, хIордан гIайренашна тIера а ял ялар
тIедожийра шен халкъана. [2] Ахьаш-Варуша дина
долу даккхий а, инзаре а гIуллакхаш парсихойн а,
мадайхойн а паччахьийн дIаяьлла йолчу хенах
лаьцна яздинчу тептарш тIехь дIаяздина ду.
Паччахьо Мардахайн сийдарх а, иза хьалаваккхарх
а лаьцна ду цу тептарш тIехь. [3] Жуьгти волу
Мардахай Ахьаш-Варушал тIаьхьа шолгIа стаг
хилла цу пачхьалкхехь. Жуьгташна юкъахь чIогIа
сийлахь хилла Мардахай, царна везаш а хилла иза,
хIунда аьлча цо шен къомана дика долу хIума

† *9:24 Эсират 3:7 (Грекийн).*

лохуш а хилла, цуьнан тӀаьхьенан дуьхьа машарх
лаьцна вистхуьлуш а хилла.

# Аюб

## Дешхьалхе

цIе йолчу тептар тIехь цхьана дикачу стагах лаьцна дуьйцуш ду. Оцу стагана боккха бохам тIебогIу – цуьнан дерриге бераш а, бахам а бов, ткъа дегIах цхьа дегаза ун лета. Байташца олу къамелаш тIехь долчу тептаран кхаа декъехь яздархочо гойту бохамаш беанчул тIаьхьа Аюбан доттагIаша а, Аюба ша а йина ойланаш. Оцу къамелашкахь дукха дуьйцу Делан адамашца йолчу юкъаметтигех лаьцна. Тептаран чаккхенахь Дела Ша Аюбана дуьхьалхIутту.
Аюбан доттагIаша цо хьоьгу Iазапаш туьду хIетахьлерчу динан ламасташца догIучу дешнашца. Царна моьтту, Дела даим дикачунна совгIат луш а, вочунна таIзар деш а ву. Иштта, Аюба Iазапаш хьегаро гойту цо къинош летийна хилар. Амма Аюбана цунах кхета дукха атта ду. Цунна моьтту, ша дика а, нийса лелаш а стаг хиларна, цу тайпана къиза таIзар шена ца догIу. Иза ца кхета, Дала сел доккха зулам шена хIунда хилийтина. Иза майрра Деле вистхуьлу, и хIума кхетор доьхуш. Шен Делах долу тешар дан а ца довш, Далла хьалха ша бехказаваккхарх а, дикачу стагана санна шена догIу сий айаре а сатуьйсуш ву Аюб.
Аюба динчу хаттаршна билггал долу жоп ца ло Дала, амма, Аюбан тешар бахьана долуш, Дала цуьнга пайхамаре санна хаам бо. Дала цунна дуьхьал сурт хIоттадо Шен ницкъах а, хьекъалх а лаьцна. ТIаккха Аюба къобалдо Дела хьекъале а, сийлахь а хилар. Ша акха а, оьгIазе а дешнаш аларна дохковолу иза. Тептар чекхдолучу декъа тIехь дуьйцуш ду хьалха хиллачул а сов Аюбан хьал юхаметтахIоттарх лаьцна. Дала бехкебо Аюбан доттагIий, уьш Аюба хьоьгучу Iазапийн маьIнах ца кхетарна. Аюбана бен ца хиира Дела хIетахьлерчу динан ламасташа дуьйцучул сийлахь хилар.

### Иблисо Аюб зер

1 IуцIа-махкахь вехаш вара Аюб цIе йолу цхьа
стаг. Иза ша хIуманна а бехке воцуш а,
догцIена а стаг вара. Далла хьалха ларамах вуьзна
а волуш, массо а вочу хIуманах ларлуш вара иза.
2 Аюбан ворхI кIант а, кхо йоI а дара. 3 Цуьнан ворхI
эзар уьстагI а, газа а яра, кхо эзар эмкал а, пхи бIе
шуьста а, пхи бIе виркхел а, иштта дуккха а ялхой а
бара. Иза малхбалехьа бехаш болчу массо а нахана
юкъахь уггар а дукха хьал долуш волу стаг вара.
4 Цуьнан кIенташа тойнаш хIиттадора, рогI-
роггIана кхиберш шайн-шайн хIусамашка схьа а
кхойкхуш. Цара шайн кхаа йише а кхайкха
бохуьйтура, уьш шайца дууш-молуш Iайтархьама.
5 Тойнийн го дIабирзинчул тIаьхьа, Аюба шен
бераш ша волчу схьакхойкхура, уьш Далла хьалха
цIанбайтархьама. Iуьйранна хьалххехь хьала а
гIоттий, цо хIора берана тIера дийнаташ дагоран
сагIа доккхура. Цо ойла йора: «Сан бераша къа
латийна хила мега, шайн даг чохь Дела емал а
вина». Аюба и хIума массо а хенахь дора.
6 †ТIедеана стигалара гуламан декъашхой Везачу
Элана хьалха дIахIутту де. Цаьрца цхьаьна шайтIа
†† а деъна. 7 Везачу Эло цуьнга хьаттина: «Хьо
мичара схьадеана?»
Везачу Элана жоп луш, шайтIано аьлла: «Со
лаьтта тIехула даьлла лелаш дара. Дуьне мел ду
дIаса а лелла, юхадеана со».
8 ТIаккха Везачу Эло шайтIане аьлла: «Тидам
бирий ахьа Сан ялхо волчу Аюбан? И саннарг
хIокху дуьнен тIехь кхин цхьа а вац: иза ша
хIуманна а бехке воцуш а, догцIена а стаг ву. Далла
хьалха ларамах вуьзна а волуш, массо а вочу
хIуманах ларлуш ву иза».
9 ‡Везачу Элана жоп луш, шайтIано аьлла: «Лаа
дуй те Аюбан Далла хьалха ларамах вуьзна хилар?
10 Ахьа ларвеш ма ву иза а, цуьнан цIа а, цуьнан
мел болу бахам а. Цуьнан куьйгаша хьегна къа Ахь
декъалдина, берриг а мохк цуьнан жаша а, дохно а
буьзна лаьтташ бу. 11 Амма Ахьа Хьайн куьг цуьнан
долахь мел йолчу хIуманна тIе кховдадахь, иза
Хьан юьхь-дуьхьал Хьуна лен волалур ву».
12 ТIаккха Везачу Эло шайтIане аьлла: «Дика ду,
цуьнан мел долу хIума хьан карахь ду, амма цунах
куьг ма Iотта». ШайтIа Веза Эла волчуьра
дIадахара.

† *1:6 Доладалар 6:2.*

†† *ШайтIа *– иза иблисан кхин цIе ю.** ‡ *1:9-11 Довзийтинарг 12:10.*

### Аюбан бераш а, бахам а хIаллакьхилар

[13] Цхьана дийнахь Аюбан кIентий а, зудабераш а
дууш-молуш Iаш бара шайн воккхаха волчу вешин
цIахь. [14] Аюб волчу веанчу цхьана геланчо хаам
беара: «Стерчий охана тIехь дара, царна уллохь
яжош виркхелаш а яра. [15] Амма цIеххьана
тIелеттачу шебахоша † хьан даьхни лаьхкина
дIадигна, ткъа ялхой тарраш диттина байина. Со
цхьаъ дийна висна, хьоьга хIара хаам бархьама».
[16] Иза вистхилла валале, кхин цхьа геланча а
веана, хаам бахьаш: «Стигалара Делан цIе охьа а
йоьжна, массо а хьан уьстагIий а, ялхой а
дIакхаьллина. Со цхьаъ дийна висна, хьоьга хIара
хаам бархьама».
[17] И стаг вистхилла а валале, кхин цхьа стаг а
веана, хаам бахьаш: «Кхаа агIонгара хашадхой тIе
а летта, цара эмкалш лаьхкина дIайигна, ткъа хьан
ялхой таррашца хIаллакбина. Со цхьаъ дийна
висна, хьоьга хIара хаам бархьама».
[18] ХIара и къамел дина а валале, кхин цхьа стаг а
веана, хабар дахьаш: «Хьан кIентий а, зудабераш а
дууш-молуш бара шайн воккхаха волу ваша
волчохь. [19] ЦIеххьана яьссачу аренгара хьаькхначу
мохо цIийнан биъ пен охьабожийра. ЦIа
охьадоьжча, хьан бераш цу буха а дахана, дайина.
Со цхьаъ дийна висна, хьоьга хIара хаам
бархьама».
[20] Аюба, хьала а гIаьттина, шена тIера хIуманаш
этIийра. Шен месаш дIа а лергина, голаш тIе а
хIоьттина, суждане вахара иза. [21] Цо иштта элира:
«Ненан кийрара верзина схьаволуш ма-хиллара,
лаьттан кийра верзина дIа а гIур ву со. Везачу Эло
дала а делла суна, Цо дIа а эцна. Декъал хуьлийла
Цуьнан цIе!»
[22] И дерриг а ша деш, Аюба къа а ца латийна,
Далла Iиттарш а ца йина.

### ШайтIано юха а Аюб зер

2 Юха а Стигаларчу гуламан декъашхой Везачу
Элана хьалха дIахIиттира. Царна юкъахь
шайтIа а дара. [2] Везачу Эло хаттар дира цуьнга:
«Хьо стенгара схьадеана?» – аьлла.
Везачу Элана жоп луш, шайтIано элира: «Со
лаьтта тIехула даьлла лелаш дара. Дуьне мел ду
дIаса а лелла, юхадеана со».
[3] Везачу Эло шайтIане элира: «Тидам бирий ахьа
Сан ялхо волчу Аюбан? И саннарг хIокху дуьнен
тIехь кхин цхьа а вац: иза хIуманна а бехке воцуш
а, догцIена а стаг ву. Далла хьалха ларамах вуьзна
а волуш, иза массо а вочу хIуманах ларлуш ву. Иза
хIинца а чIогIа шен кхачамалла ларъеш ву, цуьнан
бехк боццушехь, иза дакъазаваккхийта ахьа Со
иракарахIоттийнехь а».

† *Шебахой *– иза къилбера еана йолу талорхойн жIуга яра.**

[4] Иблисо жоп делира Везачу Элана: «ЦIокана
дуьхьал цIока ло. Шен дахарна дуьхьал стага массо
а хIума дIало. [5] Хьайн куьг дIа а кховдадай, цуьнан
даьIахках а, дилханах а кхетахьа. Аса жоп ло-кх, иза
Хьан бIаьргашна хьалхххахь Хьуна лен ца
волалахь!»
[6] Везачу Эло шайтIане элира: «Дика ду, иза хьан
карахь ву, амма цуьнан дахар ахьа кхоо деза».
[7] ШайтIа Везачу Элана уллора дIадахара. Цо
Аюбан дегIа тIе когаш тIера дуьйна коьрта тIе
кхаччалц ноткъа оьхуш долу даI туьйхира. [8] Цу даI
тIе хьакха кхийрачу пхьегIех йолу гериг схьа а
эцна, овкъарш тIе охьахиира Аюб. [9] Цуьнан
хIусамнанас цуьнга элира: «Хьо хIинца а чIогIа
хьайн кхачамалла ларъеш ву? Далла ле, тIаккха хьо
лийр ву!»
[10] Амма Аюба цунна жоп делира: «Ахьа дуьйцург
хьераяьллачо дуьйцур дара. Делера диканиг схьа а
оьцуш, вониг дIататта деза те вай?» И дерриг а ша
деш, шен дешнашца Аюба къа ца латийна.

### Аюбан доттагIий

[11] Аюбана хиллачу бохамах лаьцна цуьнан кхаа
доттагIчунна хезира. Уьш шайн-шайн
меттигашкара арабевлира: теманхо волу Элипаз а,
шуахьахо волу Билдад а, иштта наIматхо волу
Цупар а. Уьш вовшахкхийтира, Аюб волчу кадам
бан а, цуьнан догъэца а бахархьама. [12] Геннара
Аюб гина болчу царна иза ца вевзира. ЧIогIа мохь
а бетташ, билхира уьш. Шайна тIера бедарш а
этIош, коьрта тIехула ченаш стигала
хьалакхуьссура цара. [13] ВорхI дийнахь а, ворхI буса
а Iийра уьш, лаьтта охьа а хевшина, цунна уллохь.
Цара вовшашка цхьа а дош ца олура, хIунда аьлча
царна гора Аюбехь болу бала боккха хилар.

### Аюб вистхилар

3 ††Цул тIаьхьа Аюб ша винчу денна неIалт
кхайкхо волавелира. [2] Цо бохура:
[3] «ХIаллакьхилла дIадолийла со вина долу де а,
сан ненах лаьцна: „Иза доьзалхочух хилла!“
аьлла йолу буьйса а.
[4] Iаьржа бода хилла дIахIуттийла и де,
стигалахь волчу Далла иза дага а ма догIийла,
Цо оцу денна тIе серло а ма лойла!
[5] Бодано а, Iожаллин IиндагIо а юхадохийла иза.
Марха со винчу денна тIе хIуттийла.
Iаьржалло оцу дийнан серло кхерайойла.
[6] Бодано и буьйса чIогIа схьалоцийла!
Шеран деношна юккъе ма йогIийла иза,
беттийн деношна юккъе а ма йогIийла!
[7] Цу буса цхьа а бер дуьнен чу ма долийла!
Ма хезийла цу буса синкъераме аз!
[8] Левиятан цIе йолу хIордан саьрмик лело хууш
болчу
бозбунчаша неIалт кхайкхадойла цу денна!

†† *3:1-19 Ярми-ЯхIу 20:14-18.*

9 Цуьнан Iуьйренан седарчий Iаржделла хуьлийла!
Iуьйренан серло ма гойла цу буьйсанна,
маьлхан зIаьнарш а ма гойла цунна!
10 Цу буьйсано со дуьнен чу вала новкъарло ца
ярна а,
цо хIара бала сох къайла ца баккхарна а,
хуьлийла иза!
11 ХIунда ца велла те со сайн ненан кийрахь
волуш,
хIунда ца велла дуьнен чу воллушехь?
12 ХIунда эцна со шайн кара,
хIунда белла суна накха?
13 ХIинца паргIат Iуьллуш хир ма вара со,
синтемехь а хир ма вара со,
14 паччахьашца а, хьехамчашца а,
дассийна цIенош шайна юхаметтахIиттийна
болчу.
15 Я элашца Iуьллуш хир вара, деши а гулдеш,
шайн цIенош детих хьаладузуш болчу.
16 Хеназа бер санна со къайла хIунда ца
ваьккхина?
Дуьненан серло ца гина аганара бер санна со дIа
хIунда ца воьллина?
17 Белла Iесанаш вонаш дечуьра ма совцу,
шаьш кешнашка ма-кхеччи,
дахаро гIелбинарш цигахь садоIуш ма хуьлу.
18 Цигахь лаьцна болу нах а паргIат ма бовлу,
шайн тIехьожуш болчеран аз а ца хезаш.
19 Лараме боцурш а, цIеяханарш а цигахь
цхьатерра хуьлу,
ткъа лай шен олахочунна хьалха паргIат хуьлу.
20 ХIунда ло бала хьоьгучунна дуьненан серло,
синан гIайгIанехь волчунна дахар а хIунда ло?
21 †Цара Iожалле сатуьйсу, ткъа иза ца хуьлу,
мел еза йолчу хазнел сов иза лоху цара.
22 И санна болу нах, шайна каш карийча,
баккхийбеш хир бара, чIогIа цунах сакъераделла.
23 ХIунда луш ю адамна серло,
цуьнан дахаран некъ къайлаха хилча,
массо а агIор Дала цунна го бина хилча?
24 Сан кхачанан метта аса дохуш долу даккхий
синош ду,
хи санна, охьаоьхуш сан бIаьрхиш ду.
25 Со къаьхкаш хилларг суна тIеккхечи,
со кхоьруш хилларг суна хили.
26 Со волчохь я машар а бац, я синтем а бац,
я садаIар а дац: сан са карзахдаьлла».

### Къамелийн хьалхара дакъа
(4:1–14:22)

### Элипаз

4 Теманхо волчу Элипаза иштта жоп делира:
2 «Хьоьга хIума алахь, хьуна вас хир ю те?
Делахь а, вист ца хуьлуш мила Iалур ву?
3 Дукххаболчарна ахьа хьехамаш бора,
гIелделлачу куьйгашна юха а ницкъ лора,
4 гIийланиг хьан дешнаша чIагIвора,
ког тасабелларг охьа ца вужуьйтура.
5 Амма хIинца хьуна тIе вон деъна, ткъа хьо
гIайгIанехь ву,
хьох хьакхаделлачу зуламо хьо вохийна.
6 Деле болчу ларамах вуьзна хиларх хьо тешна ца
хуьлу те?
Хьан некъаш кхоччуш цIена хиларх хьо
сатуьйсуш ца хуьлу те?
7 Дагадаийтахьа хьайна, бехк боцург
хIаллакьхилла гиний хьуна,
я бакъахьа леларг таIзар дина гиний?
8 Зулам охучара а, вониг тосучара а
бохамийн ялта схьаэцар гина суна.
9 Делан садеIаро уьш хIаллакбо,
Цуьнан оьгIазлоно уьш боха а бо.
10 Лоьмаша деш долу гIигI Дала дIасоцуьйту,
къоначу лоьмийн цергаш Цо схьайоху.
11 Нуьцкъала лом шена ижу ца хилча ле,
ткъа лоьмийн кIорнеш дIасаяьржа.
12 Цхьана дийнахь къайлаха хаам беара соьга,
сан лергашна цунах лаьцна цхьа шабар-шибар
деш хезира,
13 ††сингаттамечу буса гуш долу гIенаш санна,
чIогIа наб а кхетта, адам дIадижначу хенахь.
14 Суна чIогIа кхерам тесна дела,
сан массо а даьIахк егош яра.
15 Суна тIехула цхьа са дIадахара,
ткъа сан коьртара месаш ирахIиттира.
16 Иза сецира, амма суна цуьнан сибат ца гора,
сан бIаьргашна хьалха цуьнан амат бен дацара.
Лохха мох хьокхуш санна хеттачу суна цуьнан аз
хезира:
17 „Адаман йиш юй Далла хьалха бакъахьара хила?
‡
Цуьнан йиш юй ша Кхоьллинчунна хьалха цIена
хила? ‡†“
18 Иза ур-атталла стигаларчу Шен ялхойх а тешна
Iаш вац,
ур-атталла Шен маликашна тIехь а Цунна
кхачамбацарш го.
19 Кхин а кIезиг тешна Iаш хир ву Иза адамех,
церан догIмаш поппарх дича санна долчу,
церан дахар гIамар тIехь лаьтташ санна долчу.
Уьш-м нецал а атта тIетоьхна дайалур ма ду.
20 Iуьйранна сарралц уьш хьоьшуш ду,
цхьанна а гур а доцуш, гуттаренна а
хIаллакьхуьлу.
21 Машшаш а хедийна, церан четар дакъазадоху.
Уьш ле, хьекъалалле кхин ца кхочуш».
Элипаза кхидIа а элира
5 «Ахьа кхайкхахь, хьуна дуьхьал жоп хьан лур
ду?

† 3:21 Довзийтинарг 9:6.

†† 4:13 Аюб 33:15. ‡ Адаман йиш юй Далла хьалха бакъахьара хила? *– я иштта: *Делал бакъахьара хир дуй адам?*
‡† Цуьнан йиш юй ша Кхоьллинчунна хьалха цIена хила? *– я иштта: *Ша кхоьллинчул а цIена хир дуй иза?*

Дезачу маликех ахь муьлхачуьнга гІо доьхур ду?
2 Карзахвийларо сонтаниг войур ву,
хьегаро хьекъал доцург хІаллаквийр ву.
3 Іовдал стаг дика ваха охьахиъна гина суна,
амма сихха цуьнан цІенна неІалт кхайкхийна ас.
4 Цуьнан бераш маршонехь хиларна генахь ду.
Нагахь гІалин кевнна уллохь
цаьрца стаг кхеле валахь,
царна гІо дан цхьа а вац.
5 Цуьнан ялта мецачо дІакхоллур ду,
цо иза ур-атталла коканех а цІандийр ду,
ткъа хьогах берш цуьнан бахамах хьоьгур бу.
6 Зулам латта бухара арадолуш ма дац,
ткъа бохам кха тІехь хьалаболуш а бац.
7 ЦІеран суйнаш ирх ма лелххара,
адам бала хьега кхоьллина ду.
8 Хьан метта со хилча, Аюб, со Далла тІе воьрзур вара,
сайн гІуллакх аса Цунна хьалха дІахІоттор дара.
9 Даккхий ду Цуьнан гІуллакхаш, царах вай кхетар доцуш,
Цуьнан тамашийна гІуллакхаш дагардина а вер вац.
10 Цо латта тІе догІа а доуьйту,
кхаш тІе хи а дуьллу.
11 Шаьш кІезиг хеташ берш Цо лакхабоху,
тийжаш берш Цо кхоччуш маьршабоху.
12 Цо хІилланчийн дагалацамаш бохабо,
уьш кхочуш ца хилийтархьама.
13 †Хьекъалалла дерш Дала церан шайн хІилланца схьалоцу,
мекарчара дан леринарг Цо кхочуш ца хуьлуьйту.
14 Дийнахь уьш боданехь хуьлу, ткъа де делкъе даьлча,
буьйсанна санна, куьйган уьшаршца лела.
15 Пекъар нуьцкъалчеран куьйгах Цо кІелхьарвоккху,
мисканиг церан бетера догІучу туьрах Цо ларво.
16 Иштта, къечу стеган сатуьйсийла ю,
ткъа харцоно шен бага дІачІагІйо.
17 ††Декъала ву Дала нисво стаг.
Нуьцкъалчун таІзар дегаза ма хета,
18 ‡хІунда аьлча Цо чов а йо, амма Цо дІа а йоьхку.
Цо лаза а во, амма Цуьнан куьйгаша дарба а до.
19 Юх-юха а Дала баланех воккхур ву хьо,
уьш хьох хьакха а лур бац.
20 Дала мацаллех хьо кІелхьарвоккхур ву,
тІам тІехь туьрах а ларвийр ву.
21 Мотт беттарх Цо хьо ларвийр ву,
бохам хьайна тІебеача,
цунах хьо кхера ца веза.
22 ХІаллакьхиларх а, мацаллех а хьо воьлур ву,
акхаройх а хьо кхоьрур вац.
23 Аренгахь долчу тІулгашца а хьан барт хир бу,
акхарой а хир ю хьоьца машарехь.
24 Хьуна хуур ду, хьайн четарна кхерам боцийла,
ткъа хьайн бахаме хьоьжуш хилча, дайна хІума хир доцийла.
25 Хьуна хуур ду, хьан бераш дуккха а хилар,
хьайн тІаьхьенах берш аренгара буц санна хилар.
26 Къанвелча бен хьуна Іожалла гур яц,
ялтин цІевнаш шен хеннахь дІа-ма-хІиттора.
27 И хІума тхуна иштта хир дуйла хиъна,
цундела, тхоьга ла а догІий, хІара хьехар дІаэца».

## Аюба Элипазана жоп далар

6 Аюба иштта жоп делира:
2 «Сан гІайгІа озалур елахьара!
Сан бала терзанна тІе буьллур белахьара!
3 Иза хІордан йистера гІамарал а беза хир бара.
Цундела ду сан къамел сел доьхна!
4 Нуьцкъалчу Делан пхерчий ду сан дегІах дохкуш.
Сан синна хаало церан дІовш,
Делан къематаш ду суна тІедерзийна.
5 Акхачу виро мохь хьоькхий баца тІехь?
Сту Іоьхий шен хьаьвданна тІехь?
6 Чаьмза хІума йоий туьха доцуш?
Чам буй хІоьан кІайчу декъан?
7 Бац! Аса и тайпа яа хІума юур яц!
И кхачанаш суна дегаза хета!
8 Сан дехар кхочушдийр делахьара!
Ас сатуьйсург Дала лур делахьара!
9 Со дІахьаша Дела реза хилахьара!
Куьг дІа а хецна, Цо со хІаллаквийр велахьара!
10 Дала со вийча, сан дагна синтем хир бара,
хІара инзаре бала аса хьоьгучу хенахь а,
воккхаверна со ирхлелхаш хир вара,
Везачу Делан дешнаш аса дІатеттина ца хиларна.
11 Сан гІора дІадаьлла, со вехар ву аьлла, сатуьйсийла а яц,
кхидІа сайна хиндерг со хууш а вац, садетта кхин бахьана а дац.
12 Сан ницкъ тІулг санна бу те?
Сан дегІ цІастанах дина ду те?
13 Буй те соьгахь сайна гІо дан ницкъ,
буй те сан тІетовжа меттиг?
14 Дог доьхначу доттагІчунна тешаме воцу стаг велахь,
иза Нуьцкъалчу Далла хьалха ларамах вуьзна вац.
15 Амма шу тешаме дац, сан вежарий.
Сиха йоьдучу хин Іоврех болччул бен тешам бац шух,
16 шайна чохь дешаш долу ло а,
шен гІорзанаш а хиларна Іаржъелла йолчу.
17 Йохъелча, уьш къайлайовлу,
йовхонан чилла йоьлча,
шайн меттигашкахь якъало.
18 Церан некъан хершнаш хьийза,
ткъа яьссачу аренга шаьш кхаьчча, яйна дІайовлу.
19 Тейма-махкара эмкалийн къепалша а хи лоьху,

† 5:13 1 Коринтхошка 3:19. †† 5:17 Кицанаш 3:11, 12; Іебархошка 12:5, 6. ‡ 5:18 ХІушаІ 6:1.

Шеба-махкара богIуш берш а сатийсамца
дIасахьоьжу.
20 Шайна хи карор хиларх шек а ца бовлура уьш,
амма цига кхаьчча, дог доьхна дIахIуьтту уьш.
21 ХIинца шу а ду иштта: шайна вон гича,
кхера а лой, дIахIуьтту шу.
22 Аса шуьга бехирий: „Суна а лойша“,
я „Шайн хьолах сох кхаъ лойша“,
23 я „МостагIийн карара со паргIатваккхийша“,
я „Къизачу нахах кIелхьарваккхийша“?
24 Соьгара даьлларг дийцийша суна.
Схьагайтийша, со стенна тIехь харц ву.
ТIаккха со дIатийна хир ву.
25 Ма боккха ницкъ бу-кх догцIеначу дешнашкахь!
Ткъа аша бохучо стенна тоьшалла до?
26 Ас дина къамел тIехтоха дагахь ду шуна?
Дог доьхначун дешнаш, мох санна, хуьлу моьтту
шуна?
27 Байлахь дисинчу берах а кхаж тосур бара аша,
шайн доттагIа дикачу мехах дIавухкур вара аша.
28 Ткъа хIинца, аса доьху шуьга, схьахьовсийша
соьга,
дуьйцур дарий аса шуна хьалхахь харцдерг?
29 Хийцийша шаьш йина йолу кхел, ма дейша
харцдерг.
Метта а дуьйла, со бехказаваккха везаш ву.
30 Аса шуна харцдерг ца дуьйцу.
Сан матте бохамаш къасталур бац ткъа?»

7 Аюба элира:
«Адамо дуьнен тIехь чIогIа къахьега дезаш ду.
Цуьнан дахар тIелаьцначу белхалочун санна ду.
2 Стаг, суьйренан IиндагIах хьоьгуш волу лай
санна ву,
иза иштта алапе сатесна волу белхало санна а ву.
3 Оццу тайпана эрна беттанаш суна билгалдаьхна
ду,
гIайгIанех юьзна йолу буьйсанаш суна лерина ю.
4 ДIавуьжучу хенахь ас ойла йо: „Маца гIоттур ву
те со хьала?“
Ткъа буьйса яхло, малх схьакхетталц
дIасакерчаш Iуьллу со.
5 Сан дегI кIомарех а, нIаьнех а хьаладуьзна,
дегIа тIера чкъор эттIа,
ткъа цу чевнашна ноткъа йина.
6 Сан денош кIади деш йолчу чорха тIехь
дIасакхуьссуш долчу гуйнел а сиха тIехлелха,
сатийсам боцуш сан денош чаккхенга кхочу.
7 Веза Эла, дагадаийтахьа Хьайна сан дахар цкъа
садаккхал бен доцийла,
сан бIаьргашна кхин цкъа а самукъане дерг гур
доцийла.
8 Со хIинцца гинчу бIаьргашна а со кхин гур вац.
Хьо соьга хьоьжуш хир ву, амма со кхин хир вац.
9 Марха, нилха а йолий, дIайоьду,
иштта эхарта чу ваьлларг юха ца вогIу.
10 Иза цкъа а ша дитинчу цIа чу юхавоьрзур вац,
цуьнан цIенна а иза кхин вевзар вац.
11 Цундела со вист ца хуьлуш соцур вац –
аса со саготта хиларх лаьцна дуьйцур ду,
сайгахь болу бала а дIабуьйцур бу.
12 Со хIорд бу те я хIордан саьрмик бу те,
Ахьа со ларван гIарол хIотто?
13 „Суна биллинчу матто суна синтем бийр бу,
сан аьрзнех маьнгано суна гIоле йийр ю“, –
аьлла, аса ойла йича,
14 Ахьа со инзаречу гIенашца кхераво,
буьйсанан суьрташца со Iадийна латтаво.
15 Цундела со садукъдина валар гIоле яра,
хIокху сайн дегIа чохь со вехачул.
16 Суна сайн дахар къахьделла.
Массо а ханна со вехаш хир вац.
Витахь со, хIунда аьлча сан дахар эрна ду.
17 †ХIунда хадабо Ахьа адаман сел лакхара мах?
Ахь иза леррина тергал хIунда веш ву?
18 ХIунда вогIу Хьо и волчу хIора Iуьйранна?
ХIунда зоь Ахьа иза мел волчу хенахь?
19 Суна тIера бIаьрг Ахьа дIа хIунда ца боккху?
Цхьанна а ханна Ахьа со-со хIунда ца вуьту?
20 Адамаш ва тергал дийриг! Ас къа латийнехьара,
Хьуна хIун зен дийр дара ас?
ХIунда хIоьттина со Хьан Iалашо хилла дIа?
Ахь дIакхехьа беза мохь сох хиллий те?
21 Соьгара даьллачу къинна Ахь геч хIунда ца до?
Сан зуламна къинтIера хIунда ца волу Хьо?
Со кестта ченалахь Iуьллур ма ву.
Ахь со лохур ву, амма со кхин хир вац».

### Аюбе Билдада къамел до

8 ТIаккха шуахьахо волчу Билдада Аюбе элира:
2 «Дукха дийр дуй ахьа цу тайпана къамел?
Хьан багара схьадолу дешнаш сиха мох санна ду.
3 Дала бакъдерг гамдо те?
Нуьцкъалчо нийсо гамйо те?
4 Хьан бераша Цунна хьалха къа латийнехь,
и къинош бахьана долуш Цо таIзар до царна.
5 Нагахь хьо даггара Дела лоьхуш велахь,
нуьцкъалчу Деле дехарш ахь дахь,
6 хьо билггал дика а, догцIена а велахь,
Иза хьуна орцах ван хьелур вац,
хьуна йогIу хIусам Цо тойийр ю.
7 Хьан долахь хилларг кIезиг хетар ду,
хьан хинболу бахам алсам хир болу дела.
8 Хьайн дайшка хатта,
царна гинчух лаьцна ойла е.
9 Селхана дуьнен чу девллачу тхуна хIумма а ца
хаьа,
дуьнен тIехь долу тхан дахар, IиндагI санна,
сихло.
10 Дайша хьо Iамор ву, цара эр ду хьоьга,
шайн дага тIера дешнаш схьадохур ду:
11 „Уьшал йоцучохь шач тIейолий?
Хи доцучохь эрз тIеболий?
12 Ховха а, хадоза а иза боллушехь, хи
дIалакъийча,
вукху бецал а хьалха маргIалбоьлла дIахIуттур бу.

† 7:17 Забур 8:5; 143:3.

[13] Иштта ду массо а Дела вицвинчеран некъаш.
Иштта хIаллакьхир ю Iесачеран сатуьйсийла.
[14] Цуьнан сатуьйсийла ледара ду,
цуьнан тIетовжийла гезгамаша бу.
[15] Шен цIенна тIе тевжар ву иза, амма латталур вац,
цо схьалоцур ду иза, амма иза хIотталур вац“.
[16] Иза дика яшийна товнехь йолу орамат санна ву,
цуьнан зIийдагаш ерриг а бешахула дIаса а хецна.
[17] Цуьнан орамаш тIулгех дIатийсалуш ду,
жагIанна юккъехула дIаса а даьржаш.
[18] Амма и орамат ша хьалха тIедолуш хиллачуьра схьадаьккхича,
и тIедолуш йолчу меттигна иза дицлур ду.
Цо эр ду: „Хьо кхузахь цкъа а ца гина!“
[19] Эццахь кхачало цуьнан ирсе дахар,
ткъа цуьнан метта лаьттара кхидерш тIедовлу.
[20] Гой хьуна, Везачу Эло бехк боцург дIа ца тосу,
вочарна Цо, куьйгаш схьа а лаьцна, гIо а ца до.
[21] Цо хьуна юхадерзор ду синкъераме велар,
Цо иштта схьалур ду хьуна воккхаверан аз а.
[22] Хьо ца везарш юьхьIаьржачу хIуьттур бу,
иштта Iесачеран четарш а кхин хир дац».

## Аюба Билдадана дуьхьал жоп ло

9 ТIаккха Аюба жоп делира:
[2] [†]«Бакъ ду, со дика кхета ахь бохучух.
Амма Далла хьалха адам нийса муха хир ду?
[3] Нагахь цунна Цуьнца къовсавала лаахь,
эзар хаттарна юккъера цхьанна а адаме жоп далалур дац.
[4] Веза Эла хьекъал долуш а ву, Цуьнгахь ницкъ а бу,
Цунна дуьхьал а ваьлла, зен ца хуьлуш виснарг мила ву?
[5] ЦIеххьана Цо лаьмнаш меттахдоху,
Шен оьгIазаллехь уьш харца а до.
[6] Цо латта меттах а доккху,
цуьнан баххаш дега а до.
[7] Цо омра дича, малх а схьакхетар бац,
Цуьнан седарчий дIакъовла а таро ю.
[8] Цо цхьаммо стигал дIасаяржайо,
Иза ву хIордан тулгIенаш тIехула лелаш верг.
[9] [††]Дала кхоьллина ду Ча а, Орион а, ВорхI Седа а,
иштта къилбехь долчу седарчийн массо куьцаш а.
[10] Цо мел деш дерг кхетам тIе ца кхочуш ду,
Цуьнан тамашийна хIуманаш дагар а далур дац.
[11] Иза уллохула тIехваьлча, суна гур а вац,
Иза гергахула лелча, суна хаалур а вац.
[12] Цунна хIума дIадаккха лаахь, Иза хьаьнга сацалур ву?
Хьан эр ду Цуьнга: „Ахьа иза хIунда до?“
[13] Дала Шен оьгIазалла сацор яц,
хIордан саьрмик болчу РахIабан гIоьнчий а
Цуьнан куьйгашна кIел охьатаIийра.
[14] Ткъа со муха къовсалур ву Цуьнца?
Карор дуй суна Цуьнга ала хIума?
[15] Со бехк боцуш хилча а, соьга Цунна дуьхьал дош дахьалур дац.
Соьга сан Кхелахочуьнга нийсо яр бен дехалур дац.
[16] Ас кхайкхинчул тIаьхьа Цо суна жоп делча а,
со тешар вацара, Цунна со дIахезна аьлча.
[17] Йилбазмох а хьоккхуьйтуш, Иза суна тIекхета,
бахьана доцуш сан чевнаш Цо совйоху,
[18] соьга доккха са а ца доккхуьйту Цо,
сан дахар баланех хьаладузу.
[19] Ницкъах лаьцна аьлча, Иза уггар Нуьцкъалниг ву.
Кхелах лаьцна аьлча, Цо олу: „Со кхеле хьан озор вара?“
[20] Со бакъ велахь а, сан матто суна кхел йийр яра.
Со бехке вацахь а, Цо со бехке ву эр дара.
[21] Со бехке вац! Сан бала бац сайна хIуъа хир делахь а,
хIунда аьлча суна сайн дахар къахьделла.
[22] Аса сайга боху: „Массо а хIума бен доцуш ду.
Бехк боцург а ле, бехк берг санна.
Массеран а дахар хадош верг Дела ву“.
[23] Еттачу шедо цIеххьана Iожалла еача,
бехк боцург дог доьхна хьовзарх кхаьрда Иза.
[24] Дуьне Iесачеран кара дIаделла ду,
ткъа Цо кхелахойн бIаьргаш дIакъовлу.
Цо дIакъовлуш ца хилча, хьан къовлу уьш?
[25] Сан денош геланчел а сиха дIаоьхуш ду,
цхьа а дика ца гуш, уьш дIаоьхуш ду.
[26] Уьш, эрзах дина дайн хинкема санна, тIехдуьйлуш ду,
шен ижуна тIехьаьдда куьйра санна, сиха тIехлелха уьш.
[27] Ас Хьоьга ала тарлора:
„Сайн аьрзнаш дицдийр ду ас,
сайн юьхь самукъане хилийта“.
[28] Амма со керлачу вонех кхоьру, хIунда аьлча
суна хаьа Ахьа бехк суна тIе буьллур буйла.
[29] Со юха а бехке узур хилча,
стенна хьега деза аса эрна къа?
[30] Лайн хица юьхь аса йилича а,
сайн куьйгаш аса цIенна сабанца цIандича а,
[31] Ахьа со тIаккха а модашна юккъе вуллур вара.
Сан бедаршна а со дегаза хетар вара.
[32] Веза Эла со санна долу адам ма дац.
Цундела сан аьтто бац Цунна жоп дала а,
со Цуьнца цхьаьна кхеле ваха а.
[33] Тхуна юкъахь юкъалеларг велахьара [‡],
шен куьйгаш тхуна тIедахка.
[34] Шен гIаж суна тIера Цо дIайоккхийла,
со Шен къематаца Цо кхера ма войла.
[35] ТIаккха со Цунах ца кхоьруш вист хир вара,
хIунда аьлча хIинца со сайна чохь кхиниг ву».

† *9:2 Аюб 4:17.* †† *9:9 Аюб 38:31; Iамос 5:8.*

‡ *Цхьадолчу ширачу гочдарш тIехь: *Тхуна юкъахь юкъалеларг велахьара. *Iебархойн тептар тIехь: *Тхуна юкъахь юкъалеларг вац.**

Аюба кхидIа а элира:
10 «Сан синна сан дахар къахьделла.
Сайна чохь сецор бац аса сайн латкъамаш.
Ас буьйцур бу сайн даг чохь болу бала.
2 Аса эр ду Деле: „Ма ехьа суна кхел.
Дийцахьа суна, стенна тIехь со бехкево Ахь?
3 Хьуна тамехь ду те суна гIело яр а,
Хьайн куьйгаша виначух кхардар а,
ткъа Iесачийн ойланех Хьо воьлуш хилар а?
4 Адаман ши бIаьрг бу те Хьан,
я адамна санна са го те Хьуна?
5 Тхан дахар санна доца ду те Хьан дахар?
Адаман санна ду те Хьан шераш?
6 Цу бахьаница ас къа латийна хилар Хьо лоьхуш
ву те?
Цундела ас зулам динийла Хьо леррина толлуш
ву те?
7 Со бехк боцуш вуйла Хьайна хуъушехь,
Ахь со дIа ца хоьцу,
со Хьан куьйга кIелхьара ваккха стаг а вац.
8 Хьан куьйгаша кеп йина а, кхоьллина а ма ву со,
кхачаме а, цIенна а, ткъа хIинца хIаллак хIунда
во Ахьа со?
9 Дагадаийтахьа, Айхьа со поппарх вина, нисвина
хилар.
ХIинца юха а сох чан ян воллу те Хьо?
10 Ахьа со, шура санна, охьавоьттира,
ткъа юха, кIалд санна, вукъвира Ахьа со.
11 Дилха а, чкъор а диллира Ахьа суна тIе,
даьIахкашца, пхенашца вовшахтесира Ахьа со.
12 Ахьа суна дахар делира,
хедар боцу безам а белира,
гIайгIа барца сан са а лардеш.
13 ХIара хилла-кх къайлаха Хьан даг чохь дерг,
суна хаьа, иза Хьан даг чохь хиллий.
14 Аса къа латийча, Ахь цуьнан тидам бийр бара,
аса латийнарг таIзар доцуш дуьтур а дацара.
15 Со бехке велахь – декъаза хуьлийла со!
Со бехке вацахь а, со корта хьалаайа а ваьхьар
вац.
Эхь хетарх вуьзна ву со,
балано со вахийна.
16 Со жимма хьалатаьIIашехь,
лом санна, тIаьхьаволу Хьо суна,
Хьайн тамашийна ницкъ
юха а суна дуьхьалбоккхуш.
17 Ахьа суна дуьхьал керла тешаш боху,
Хьайн оьгIазалла чIагI а еш.
Юх-юха а керла тобанаш суна дуьхьалйовлуш ю.
18 ХIунда ваьккхина Ахьа со сайн ненан кийрара
схьа?
Цхьана а стеган бIаьрг кхетале со велла велара!
19 Со цкъа а хилла а ца хиллехьара!
Ненан кийрара схьаволлушехь,
коша чу виллина со хиллехьара!
20 Сан дахаран денойх кIезиг бен дисна дац те?
ДIаверзахьа соьгахьара, жимма со вокххавейта,
21 юхавоьрзур воцучу меттиге со дIакхалхале –
бода а, Iожаллин IиндагI а долчу махка,
22 Iаьржа бода лаьттачу а, низам ца хуьлучу а
махка,
серло а боданах тера йолчу махка“».

## Цупара Аюбаца къамел до

11 ТIаккха наIматхо волу Цупар Аюбе
вистхилира:
2 «Дуккха а дийцинчу дешнашна дуьхьал дала жоп
дац те?
Дукха къамелаш деш верг бакъ ву ткъа?
3 Хьан даьссачу къамелаша тхо дист ца хуьлуш
сацор ду моьтту хьуна?
Кхаьрдаш волу хьо цхьаммо а юьхьIаьржачу
хIоттор вац моьтту хьуна?
4 Ахьа Деле боху: „Сайн хьехамехь со бакъ ву,
Хьан бIаьргашна хьалха со цIена ву“.
5 Суна луур дара, Аюб, Дела хьоьга вистхила,
хьуна дуьхьал Цо Шен бага схьаелла.
6 Шен хьекъалаллин къайленаш
Дала хьуна йовзуьйтур елахьара,
бакъйолчу хьекъалаллин цхьа агIо хилла ца
Iарна.
Суна луур дара хьуна хаийта, Далла
хьан къинойх цхьадерш дицдалийтина хилар.
7 Делан кIоргачу къайленашка хьо билггал
кхачало те?
Нуьцкъалчу Делан бухбоцучу бакъдолчух хьан
кхета ницкъ кхочий те?
8 Иза стигалел лекха ду –
муьлха адам цига кхачалур ду?
Иза эхартал кIорга ду –
муьлхачу стагана иза хаалур ду?
9 Цуьнан барам лаьттал беха бу,
иштта иза хIордал шуьйра бу.
10 Цо, схьа а веана, милла а набахти чу а воьллина,
иза кхеле озийча, Цунна дуьхьал мила вер ву?
11 Цунна харцонаш лелориг вевза.
Нагахь санна Цунна зулам гахь,
Цо иза дагахь латтор дац?
12 Хьекъал доцург хьекъале верзийча,
виркхело йинчу вирах адам хир дара.
13 Хьан дог чIогIа Далла тIетевжаш хила деза,
Цуьнга дIакховдо деза ахьа хьайн ши куьг а.
14 Хьайн куьйгашна тIе воних латийнехь,
хьайгара генна дIакхосса деза ахьа,
ткъа хьайн четар чохь зулам а ма Iайта.
15 ТIаккха хьанна а нийса бIаьргаш чу хьажалур ву
хьо,
цхьаннах а ийза ца луш лелар ву хьо, цхьаннах а
кхоьрур а вац хьо.
16 ТIаккха хьайн гIайгIа билггал бицбийр бу ахьа,
дIадахана хи санна бен, иза дага ца лоцуш.
17 Хьан дахар делкъенан малхал къегар дара,
боданах Iуьйренан серло хир яра.
18 Хьайн сатуьйсийла йолу дела, хьо маьрша хир
вара.

Дала лар а веш, хьо кхерамбоцуш наб кхеташ хир вара.
19 Цхьаммо а кхера а ца веш, хьо дӀавуьжур вара,
дукхахберш хьуна хьалха хьесталуш а хир бара.
20 Іесачеран бӀаьргашна са кӀезиг гур ду,
шаьш кӀелхьарбовла церан йиш хир яц.
ТӀаьххьара а, садалар бен, церан сатуьйсийла хир яц».

## Аюба Цупарна жоп ло

12 ТӀаккха Аюба, жоп а луш, элира:
2 «Ма бакъ ду иза! Шу нехан бага ю теша?
Шуьца цхьаьна хьекъалалла лийр ма ду!
3 Ткъа сан а ма ду хьекъал, шун санна.
Ткъа со а ма вац шул оьшуш –
иза хьанна ца хаьа?
4 Деле кхойкхуш, Цо жоп луш хилла волчу,
сох белам хилла сан доттагӀашна.
Нийса а, кхачаме а волчу сох кхардам хилла.
5 Синтем болчунна моьтту
бохамах кхарда веза.
Ког тасабелларг чутоттуш ву.
6 ПаргӀат ду талорхойн хӀусамашкахь,
Дела оьгӀазвохуьйтурш а синтеме Іаш бу,
цара Дела шайн карахь лелош волуш санна.
7 ТӀаккха хатта акхарошка – цара хьоьхур ду хьуна,
стигаларчу олхазарша дуьйцур ду хьуна.
8 Лаьттаца къамел де – цо хьоьхур ду хьуна,
хӀорда чуьрачу чӀерашка а дийцийта хьайга.
9 Царах массарах а хьанна ца хаьа,
Везачу Элан куьйго и дерриг а дина дуйла?
10 Цуьнан карахь ду хьуна
массо а дийначу хӀуманийн синош а,
иштта массо а адамийн синош а.
11 Маттана юучун чам хааре терра,
лергана а ца девза ткъа дешнаш
12 Къеначаьргахь хьекъалалла карор ду хьуна,
дукха ваьхнарг кхетам болуш ма хуьлу.
13 Делехь ду хьекъалалла а, ницкъ а,
иштта Цуьнгахь бу хьехам а, кхетам а.
14 Цо дохийнарг юхаметтахӀотталур дац,
Цо чувоьллинарг паргӀатвер вац.
15 Цо догӀа сацадахь, массо а хӀума якъалур ю,
Цо хиш схьахецахь, цара дерриг а латта хӀаллакдо.
16 Цуьнгахь ницкъ а бу, говзалла а ю,
Цуьнан карахь ву Іехориг а, Іехийнарг а.
17 Хьехамчаш Цо хьекъалх эшабо,
кхелахойх Цо сонтанаш а хуьлуьйту.
18 Паччахьашна тӀера хаза духарш дӀа а дохий,
лейн бедарш царна тӀеюхуьйту Цо.
19 Динан дай Цо даржах эшабо,
чӀагӀбина куьйгалхой херцабо,
уьш тоххара дуьйна белахь а.
20 Тешамечу хьехамчийн къамелаш а сацадо,
къеначеран къасторан хьуьнар а эшадо.
21 Сийлаллехь болчеран сий а дойу Цо,
ницкъ болчаьргара ницкъ а дӀабоккху.
22 Боданехь хьулдинарг а Цо гучудоккху,
Цо Іожаллин бода а серлонга боккху.
23 Цо халкъаш доьбуьйту, уьш хӀаллак а до.
Къаьмнаш нуьцкъала а до, юха уьш дӀа а дуьгу.
24 Дуьненан мехкийн куьйгалхошкара хьекъал дӀа а оьций,
уьш некъаш доцучу аренгахула буьйлабелла лоьлуьйту Цо.
25 Куьйган уьшаршца боданехь лела уьш,
бехна нах санна, уьш тоьхкуьйту Цо».

13 Аюба элира:
«И дерриг а сан бӀаьргашна гина ду,
суна иза хезна ду, со цу хӀуманах кхета.
2 Шуна хууш дерг суна а хаьа.
Со а ма вац шул оьшуш.
3 Амма Нуьцкъалчуьнга вистхила лаьа суна,
Далла хьалха сайн гӀуллакх лардан лаьа!
4 Ткъа аша сан чевнашна харцонца лоьралла до,
шу дерриш а – пайда боцу лоьраш ду.
5 ЭхӀ, кхин дист а ца хуьлуш, шу дӀасевцича,
иза, шун хьекъалалла ду аьлла, туьдур дара.
6 ЛадогӀийша гӀуллакх лардан ас бохучуьнга,
сайн багахула ас туьдучун тидам бейша.
7 Делан дуьхьа зуламе дерг бохур ду те аша?
Цунна гӀоьнна мекарниг дуьйцур ду те аша?
8 Цуьнга озабезам бан лаьий шуна?
Делан гӀуллакх лардан гӀерта шу?
9 Нагахь Цо шу зийча, дика хир дуй?
Я Иза, адам санна, левийр ву аша?
10 Цо луьра таӀзар дийр ду шуна,
аша къайлаха озабезам лелабахь.
11 Цуьнан возалло шу кхера ца до те?
Цунна хьалха шуна тӀе кхерам ца буссу те?
12 Аш далийна кицанаш, овкъарш санна, эрна ду.
Шаьш лардан боху дешнаш поппаран турсаш санна ду.
13 ДӀа а совций, со вистхилийта,
тӀаккха кхунах луъург хилахьара.
14 Сайн дахар кхерамечу хьоле ас хӀунда хӀоттор дара?
Сайн са ас куьйга тӀе хӀунда дуьллур дара?
15 Цо со билггал вийна дӀавоккхур ву, со сатуьйсийла йоцуш ву †.
Сайн лелар Цунна хьалха билггал лардийр ду аса.
16 Цу тӀехь хир ду сан кӀелхьарвалар, хӀунда аьлча
Делах тешаш воцург Цунна хьалхахӀотта ваьхьар вац.
17 Дикка ладогӀийша аса бохучуьнга,
сан кхеторан дешнийн тидам бейша.
18 Аса сайн гӀуллакх кхетачу къепехь кечдина.
Суна хаьа, со бакъвина хир вуйла.
19 Мила ву соьца къовса йиш йолуш верг?
Со дӀатуьйр а вара, вала реза а вара.
20 Ши хӀума ма дахьара Ахьа суна тӀехь,
тӀаккха со лелар вацара Хьох къайлавуьйлуш:

† *Цо со билггал вийна дӀавоккхур ву, со сатуьйсийла йоцуш ву *– я иштта: *Цо со вийна дӀаваккхахь а, Цуьнга сатуьйсуш Іийр ву со.**

[21] суна тIера Хьайн куьг а дIадаккхахьара Ахьа,
Хьайн къематаца со кхера а ма вахьара Ахьа.
[22] ТIаккха дIакхайкха соьга, ас жоп лур ду Хьуна,
я ас къамел дийр ду, ткъа Хьо суна жоп луш хир ву.
[23] Мел ду сан къа а, сан зулам а?
Сан аьрхалла а, зулам а гайтахьа суна!
[24] ХIунда лечкъайо Ахь сох Хьайн юьхь,
хIунда лору Ахь со Хьайн мостагIа?
[25] ДIасалела гIа санна волу со кхераво те Ахь?
Декъа ча санна волчу суна тIаьхьалела те Хьо?
[26] Къаьхьа кхел ю Ахьа суна йинарг,
жималлехь соьгара даьллачунна суна доьккхуш.
[27] †Ахьа сан когашна буржалш тоьхна,
ас мел боккхучу коге леррина хьоьжу,
ас юьту лараш тергалйо Ахьа.
[28] Иштта со, мурйоьлла дечиг санна а,
нецаша йоу бедар санна а, телхаш ву».
Аюба элира:

14 «Зудчо вина волчу стеган дахар
доца ду, иза баланех вуьзна а ву.
[2] Зезаг санна, гучу а волий, маргIалвулу иза.
IиндагI санна, водий, дIавоьду иза, къайлаволуш.
[3] Иза ву-кх Ахьа тергал веш верг!
Хьайца кхеле кхойкхуш ву-кх Ахьа со?
[4] Боьхачунах *цIенаниг* схьавер вуй?
Вер вац.
[5] Адаман дахаран денош дагардина ду.
Ахьа дуьстина цуьнан дахаран беттанаш,
царал тIехвала цуьнан йиш а яц.
[6] Цундела ма вехьа иза тергал, витахьа иза,
цуьнан денош, тIелаьцна волчу белхалочун санна, чекхдовллалц.
[7] Ур-атталла диттан а сатуьйсийла ю:
схьахадийча а, иза денлур ду,
иза керла патар ца долуш а дуьсур дац.
[8] Лаьттахь цуьнан орам къанлуш белахь а,
цуьнан юьхк бухахь яла йоллуш лаьттахь а,
[9] цхьажимма цунна хи тосалушшехь,
керлачу орамато санна, зIийдагаш дIахоьцу цо.
[10] Амма адам делча, иза телхий, дIадолу.
ТIаьхьара са дIа а долий, адам кхин ца хуьлу.
[11] Iам чуьра хи къайладалар санна а,
хи дIа а дахана, Iовраш якъалуш хилар санна а,
[12] иштта стаг дIа а вуьжу, кхин хьала а ца гIотту.
Стигалш мел юьсу, адам ден а лур дац,
шен даларан набарх сама а доккхур дац.
[13] Эхартехь со къайлавоккхуш велара Хьо.
ОьгIазвахар дIадаллалц со хьулвеш велара Хьо.
Цигахь Iен хан суна билгал а яьккхина,
цул тIаьхьа со дагавогIуш велара Хьуна.
[14] Веллачул тIаьхьа вехар вуй те стаг?
Сайн къахьегаран дерриг а деношкахь
со паргIатваккхаре хьоьжуш Iийр вара со.
[15] Хьо кхойкхур вара, ас Хьуна жоп а лур дара,
Хьайн куьйгаша кхоьллинчу сох хьоьгуш хир вара Хьо.
[16] Ас мел боккху ког Ахьа багарбийр бара,
амма сан къинош Хьуна дагадогIур дацара.
[17] Соьгара даьлла зулам Ахьа тIоьрмаг чу дIадуьллур дара,
айса летийна къинош Ахь дIахьулдийр дара.
[18] Охьабужу лам боьхна дIабалар санна а,
*тарх* шен меттера меттахъялар санна а,
[19] хино тIулгаш жимдар санна а,
хин Iовраша латта дIадахьар санна а,
йохайо Ахьа адаман сатуьйсийла а.
[20] Стагана тIехь Ахь кхоччуш толам боккху, тIаккха иза дIакхелха.
Iожаллехь цуьнан юьхь а хуьйций, Ахьа иза дIа а хьажаво.
[21] Шен бераш сий долуш хилча а, цунна ца хаьа,
церан сий дайча а, цунна ца го.
[22] Шен лазар бен ца хьоьгу цуьнан дегIо,
шен гIайгIа еш бен дац цуьнан са».

### Къамелийн шолгIа дакъа
(15:1–21:34)

### Элипаз

15 Теманхо волчу Элипаза жоп делира Аюбана:
[2] «Хьекъал долчо эрначу хабаршца жоп лур дара те?
Мохан даьссачух хьо санна волчо шен кийра бузур бара те?
[3] Пайдабоцучу дешнашца цо ша бехказавоккхур вара те?
Цхьанна а мехала ца хуьлучу къамелашца иза къийсалур вара те?
[4] Амма ахь ур-атталла нехан суьпалла жим а йо,
адамо Деле доIа дарна ахь дуьхьало а йо.
[5] Хьо къилахь хиларо Iамайо хьан бага.
Хьайн лаамца хIилланчийн мотт буьйцу ахь.
[6] Со вац хьуна кхел йийриг, хьан бага ю,
хьан матто хьуна дуьхьал тоьшалла до.
[7] Адамашна юкъахь хьо дуьххьара кхоьллина ву моьтту хьуна,
я лаьмнел а хьалха хьо вина ву моьтту хьуна?
[8] Стигаларчу гуламехь Делан ойланашка ладуьйгIирий те ахь?
Я дерриг а хьекъалалла хьуна кхаьчна те?
[9] Тхуна ца хуург хIун ду хьуна хууш?
Тхо ца кхеттачух стенах кхетта хьо?
[10] Тхуна юкъахь къежбелла баккхийнаш бу,
ткъа уьш хьан дел а баккхий бу.
[11] Ца тоьу те хьуна Делера долу синхьаамаш,
хьайца кIеда деш долчу къамелах тоам ца бо те ахьа?
[12] Стенна даьлла те хьан дог цу тайпана карзах?
Стенна бу те хьан бIаьргаш, ткъес санна, къегаш?
[13] Хьайн са Далла дуьхьал хIунда доккху те ахьа,
хIунда дуьйлуьйту ахьа хьайн багара и тайпа къамелаш?
[14] ††Адам хIун ду, Далла хьалха ша цIена хилалур ду мотта?

† *13:27 Аюб 33:11.*

Зудчо винарг мила ву, Далла хьалха ша бакъ
хилалур ву мотта?
15 Дела Шен дезачу маликех а ца теша,
Цунна хьалха стигалш а цIена яц.
16 Ткъа дегаза а, телхина а долу адам мила ду,
хи молуш санна, вонаш деш лелаш долу?
17 Соьга ладогIа, тIаккха ас иза туьдур ду.
Сайна гинчух лаьцна ас хьоьга дуьйцур ду.
18 Хьекъалалла долчара дийцинчух а,
цара шайн дайшкара хезнарг, хьул а ца деш,
дийцинчух лаьцна а хаам бийр бу аса хьоьга.
19 Вайн дайшна бен дIаделла ца хилла латта,
хийра нах царна юкъахь лелаш а ца хилла,
цундела дайшкара дерг цIена а, нийса а ду.
20 Ша мел вехачу деношкахь Iесаниг баланехь
хьийза.
Къизачу стагана билгалдаьхна шераш дагардина
ду.
21 Къематечу маьхьарийн аз хуьлу цуьнан лерехь
хезаш.
Машар лаьттачу хенахь талорхой цунна тIелета.
22 Боданах кIелхьарваларе цо са ца туьйсу,
даим а шена хьалха цунна гуш дерг тур ду.
23 Иза дIасаоьхуш лела, ломъаьрзуна кхача а
хуьлий †,
цунна хууш ду боданан де тIекхаьчнийла.
24 Саготтоно а, синIаткъамо а иза Iадийна латтаво,
тIамца вогIу паччахь санна, тIегIерта уьш цунна.
25 И шадерг а цо Далла дуьхьал куьг айина хилар
бахьана долуш ду,
Нуьцкъалчунна дуьхьал иза валар бахьана
долуш ду.
26 Курра дуьхьалволура иза Цунна,
ша ларвархьама деза *турс* а даькkхина,
27 иза шех тоам бина волу дела а,
дозаллина севсина волу дела а.
28 Иза йохийначу гIаланашкахь вехаш ву,
адамаш чохь даха ца дезачу,
охьаэга кийча долчу цIенош чохь.
29 Иза дукха ханна хьал долуш хир вац,
цуьнан бахам а буьсур бац,
лаьтта тIехь цуьнан долахь дерг алсамдер дац.
30 Иза боданах кIелхьарвалалур вац.
ЦIеран алуно патарш дакъош долу
дитт санна, хир ву иза,
ткъа Делан Iаьнаро иза дIавоккхур ву.
31 Эрна долчух тешна Iаш ма хуьлийла иза,
цунах ша Iеха ма войла цо,
хIунда аьлча эрналла цуьнан ял хир ю.
32 Шен дахар чаккхенга дерзале, иза дакъаделла,
цкъа а сенделла дIагIур доцу га санна, хир ву.
33 Хилаза йолу кемсаш охьаоьгу кемсийн таьлланг
санна, хир ву иза,
я шен заза дожош долу *зайт-дитт* санна, хир ву.
34 Iесачийн тобанарчун тIаьхье хир яц, ткъа
кхаьънех доьгIна цIенош цIаро дагор ду.
35 Шайн даг чохь вониг а кхуллу,
цара зулам дIа а хIоттадо.
Iесачеран кийрано мекарло йоккху».

## Аюб

16 Аюба цунна дуьхьал жоп делира:
2 «И саннарг суна дуккха а хезна,
шун догъэцаро вон бен ца дахьа.
3 Хир юй те пайда боцучу къамелийн чаккхе?
Иштта хабар деш хьо иракарахIоттош дерг хIун
ду?
4 Аса а дуьйцур дара хIинца аша санна,
шу сан метта хилча,
соьга а далур дара хаза къамелаш,
кхардарца шуна дуьхьал корта а лестош.
5 Аса а сайн маттаца шу чIагIдийр дара,
сан багахула даьллачо шуна синтем а бийр бара.
6 Со вистхилча а, сан бала дIа ца болу,
вист а ца хуьлуш со Iийча а, иза лах ца ло.
7 Дала сан тIаьххьара гIора дIадаьkkхина.
Сан берриг а доьзал Цо бохийна-кх.
8 Цо со схьа-ма-лаьцна,
ткъа иза суна дуьхьал тоьшалла ду.
Сан гIора дайна хилар суна дуьхьалдаьлла,
сох бехкаш а дохуш.
9 Делан оьгIазлоно со цоьсту,
Шен цергаш суна хьекха а еш,
Цо соьца мостагIалла леладо.
Сан МостагIчо Шен ира хьажар суна тIедерзадо.
10 Адамаша шайн баганаш суна дуьхьал гIаттийна,
дов дарца сан беснеш тIе етта цара,
уьш массо а суна дуьхьалбовлу.
11 Дала со вочу адамийн кара дIавелла,
Iесачеран буьйна со дIа а кхоьссина.
12 Со синтеме Iаш вара, амма со кагвира Цо.
Вортанна тIера схьа а лаьцна, со войра Цо.
Со Шен гIакх санна вина дIахIоттийра Цо.
13 Цуьнан пхерчий массо а маьIIера схьадетталуш
ду,
Цо сан жаннех къа ца хеташ Iуьтту,
сан стим а лаьтта тIе охьаIанийна.
14 Со пен болуш санна, юх-юха со вохош ву Иза.
ТIемало санна, суна тIеуьду Иза.
15 Аса сайн чкъурана сингаттаман бедарш а тегна,
гIора а дайна, дог доьхна чена юккъе охьа а
хиъна.
16 Велхарна сан юьхь цIийелла,
сан бIаьргаш тIехь Iожаллин IиндагI ду.
17 Иза иштта делахь а, сан куьйгаша цхьанна а
ницкъ ца бина, сан доIа цIена ду.
18 Латта! Ма даккхахьа сан цIий къайла!
Ас хьоькху мохь къайлаха дIахьулбина ма
хуьлийла!
19 ††Делахь а, стигалахь сан Теш ву,
лакхахь ву суна ТIехIуттуш верг а!

†† *15:14-16 Аюб 25:4-6.* † *Грекийн гочдар тIехь: *Иза дIасаоьхуш лела, ломъаьрзуна кхача а хуьлий. *Iебархойн тептар тIехь: *Иза дIасаоьхуш лела, шена кхача а лоьхуш.**

†† *16:19 Аюб 19:25.*

[20] Сан юкъалеларг суна доттагIа хилла дIахIоьттина,
Деле а хьоьжуш, ас бIаьрхиш Iенадечу хенахь.
[21] Стеган дуьхьа цо Деле доьху,
адамо шен доттагIчун дуьхьа ма-деххара.
[22] Сан дахаран шераш чекхдовлуш ду,
юха ца воьрзучу новкъа волуш ву со».
Аюба кхидIа а элира:
17 «Сан дог доьхна лаьтта,
чекхдовлуш ду сан денош,
со кошан йистехь лаьтташ ву.
[2] Сох кхаьрдаш берш суна гонах лаьтта,
сан бIаьргаш церан мостагIалла ган дезаш бу.
[3] Дала дезарг дIалохьа, Дела, со дIахецархьама!
Кхин мила хир ву сох дош дала лууш верг?
[4] Церан дегнаш Ахь кхетамах даьхна,
цундела Ахь цаьрга толам боккхуьйтур бац.
[5] Са яккхархьама стага шен доттагIий емалбахь,
оцу адаман берийн бIаьргаш кхулур ду.
[6] Сох нахе кицанаш даладойтург вина Цо,
юьхь тIе шеташ етташ волу стаг ву со.
[7] Сан бIаьргаш балано талхийна,
сан дегI IиндагI санна ду.
[8] Бакъахьа леларш оцунах эргIадбуьйлу,
бехк боцурш Iесачунна карзахбуьйлу.
[9] Делан лаамехь верг шен новкъа тIера вер вац,
ткъа куьйгаш цIена дерш чIагIлуш дIахIуьттур бу.
[10] Ткъа шу – кхин а цкъа схьа а дуьйла, дист а хила!
Шуна юкъахь хьекъалалла дерг карор вац суна.
[11] Сан денош чекхдевлла,
ас йина ойланаш йоьхна,
сан деган сатуьйсийла дIаяьлла.
[12] Цу наха буьйсанах де ду олу,
суна хьалха бода лаьтташехь,
серло тIекхочуш ю олу.
[13] Ас сатуьйсуш долу цIа *эхарт* бен ца хилча,
цигахь болчу боданехь сайна мотт ас биллича,
[14] бух боцучу Iинах, сан да аьлла, цIе яьккхича,
кошан нIаьнех сан нана я йиша ас аьлча,
[15] тIаккха мичахь ю сан сатуьйсийла?
Сан догдохийла хьанна гур ду тIаккха?
[16] Соьца кхочур юй те иза эхартан кевне,
соьца цхьаьна Iожаллин чене юьжур юй те?»

## Билдад

18 Иштта жоп делира шуахьахо волчу Билдада:
[2] «Маца совцур ду те шу и къамелаш дечуьра?
Ойла ейша, тIаккха дийр ду вай къамел.
[3] ХIунда лору тхо бежанаш санна?
Шун бIаьргашна хьалха тхо кхетам боцуш ду хIунда моьтту?
[4] Хьо оьгIазвахханчохь хьайн са доу ахьа.
Хьо бахьана долуш дуьне дассо деза ткъа,
я *тарх* шен меттера дIахилийта еза ткъа?
[5] †Iесачун серло а кхулур ю,
цуьнан цIеран алу а лепар яц.

† 18:5, 6 Аюб 21:17.

[6] Цуьнан четар чохь серлонах бода хир бу,
цунна тIехула болу *къуьда* дIабовр бу.
[7] Цуьнан чIогIа болар а лахлур ду,
шен ойланаша иза вужуьйтур ву.
[8] Цуьнан когаша иза бойнна тIе вуьгуш ву,
бойнан машшаш тIехула иза воьдуш ву.
[9] Цуьнан кIажа гуро дIалоцуш бу,
кIелоно иза схьахоьцуш а вац.
[10] Къайлаха речIанаш цунна лаьттахь йоьгIна ю,
цуьнан некъаш тIе доьгIна гураш а ду.
[11] Массо а агIор цунна тIегIерташ кхерамаш бу,
иза цхьана меттера вукху метте вуьйлуьйтуш.
[12] Мацалло цуьнан ницкъ дIакхоллу.
Бохам цунна уллохь кийчча лаьтта.
[13] Цамгаро цуьнан чкъор дIакхоллуш ду,
къизачу Iожалло дегIан меженаш юуш ю.
[14] Шен хIусаман паргIатонера схьа а ваьккхина,
къематийн паччахь волчу вуьгур ву иза.
[15] Цуьнан метта четар чохь кхин стаг Iийр ву,
цуьнан хIусамна тIе тесна саьмгал хир ду.
[16] Лахара цуьнан орамаш а дакъалур ду,
лакха тIера цуьнан гаьннаш а маргIалдулур ду.
[17] Дуьнен чохь иза дагавойтуш мел долу хIума йойур ю,
урамашкахь цуьнан цIе кхин яьккхина хир яц.
[18] Серлонгара бодане иза дIалоллур ву,
кху дуьнен чуьра иза дIавоккхур ву.
[19] Шен халкъана юкъахь бераш я кхин йолу тIаьхье хир яц цуьнан,
иза Iийначу меттехь цхьа а дийна вуьсур вац.
[20] Малхбузера берш цуьнан кхолламах инзарбевр бу,
малхбалера берш цунна хиллачух Iадийна лаьттар бу.
[21] Баккъалла а, иштта хир ю вочун хIусам,
Дела къобал ца винчун цIа иштта хир ду».

## Аюба жоп ло

19 ТIаккха Аюба жоп делира:
[2] «Мел хьийзор ву аша со,
шайн дешнашца со хьоьшуш?
[3] Хьалха а уьттазза юьхь яьхна аша сан,
шаьш са готта хьовзорах оза а ца луш.
[4] Нагахь ас къа латийнехь а,
сан гIалат соьца дуьсур ду.
[5] Нагахь санна со сийсазвина хилар суна тIех а детташ,
суна хьалха шу лакхадовла гIертахь,
[6] хаалаш: со охьатаIийнарг Дела ву шуна,
Шен гураш суна гонах дIа а хIиттийна.
[7] Ас мохь бетта: „Со вуьйш ву!“ – бохуш,
амма суна жоп луш цхьа а вац,
ас орца доху, амма суна нийсо ца йо.
[8] Суна хьалхара некъ Цо дIалаьцна,
цундела со дIа ца вахало,
сан некъаш тIе Цо бода хIоттийна.
[9] Соьга хилла болу ларам Цо дIабаьккхина,
сан коьртара *таж* а дIадаьккхина.

10 Массо а агIонгара тIеетта Цо суна, со леш ву!
Сан сатуьйсийла дIаяьккхина, орамашца
схьадаьккхина дитт санна.
11 Иза суна дуьхьал оьгIазаллех вуьзна ву,
Цо со Шен мостагIа санна лору.
12 Цуьнан ардангаш суна тIегIерта,
шайна некъ а боккхуш,
цара сан четарна го бина.
13 Сан гергарнаш суна уллора Цо дIабаьхна,
со вевзарш а сох къехка.
14 Сан тайпанах берш суна уллора дIабевлла,
со вевзаш хиллачара со вицвина.
15 Хьешашна а, ялхошна а со хийра хета,
царна гергахь со хийра стаг ву.
16 Сайн ялхочуьнга кхойкху со, амма цо суна жоп
ца ло,
цуьнга дехарш дан дезаш хуьлу со.
17 Сан зуда сан Iаьнах къехка,
сан берашна а со боьха хета.
18 Божаберашна а со сийсаза хета,
со шайна гучуволлушехь, сох кхарда буьйлало.
19 Сан доттагIашна а со боьха хета,
суна безнарш а суна дуьхьалбевлла.
20 Сох, чкъор а, даьIахкаш а бен, хIумма а ца
дисина,
валлал бен суна чохь са а дац.
21 Къинхетам бейша! Къинхетам бейша сох,
сан доттагIий, сох хьакхаделларг Делан куьг ду!
22 ХIунда лела шу суна тIаьхьадевлла, Дела ма-
леллара?
ХIунда лела шу суна кхин а мотт бетташ?
23 Сан дешнаш дIаяздина делахьара!
Уьш тептар тIехь дIаяздина делахьара!
24 Аьчка къоламца дошана тIехула я
массо а ханна тIулга тIехь уьш хьаькхна
делахьара!
25 Суна хууш ду со Бехказавоккхург дийна вуйла а,
Иза тIаьххьара а лаьтта тIехь дIахIуттур вуйла а.
26 Цамгарша сан чкъор дIакхаьллинехь а,
сайн дилхана юкъара суна Дела гур ву.
27 Суна сайна гур ву Иза.
Сан бIаьргашна гур ву,
тIаккха Иза суна хийра хир вац.
Со хьаьгна ву иза хилийта!
28 Аша иштта аьллехь: „Цунна тIаьхьа муха довла
деза вай,
баланийн бахьанаш цунна чохь карош хилча?“,
29 кхералаш туьрах, хIунда аьлча
дералло туьре бекхам бойту.
ТIаккха хуур ду шуна кхел юйла».

## Цупар

20 Иштта жоп делира наIматхо волчу Цупара:
2 «Сан ойланаша соьга жоп долуьйту,
цундела вистхила сихвелла со.
3 Со сийсазвоккхуш тIехбеттамаш суна хезаш
хилча,
сан кхетамо со иракарахIоттаво царна жоп дала.
4 Хьуна хууш дац, тоххара дуьйна схьа,
лаьтта тIехь адам кхоьллинчу хенахь дуьйна,
5 харцволчун синкъерам кIеззигчу ханна буйла,
Iесачун самукъадалар йоццачу ханна бен
доцийла а?
6 Цуьнан куралла стигала кхаччалц лакхаяьлча а,
цуьнан корта мархех хьекхалуш хилча а,
7 иза шен боьхалла санна, массо а ханна дIавер ву,
ткъа иза хьалха гина болчара: „Мичахь ву иза?“ –
бохуш, хоьттур ду.
8 ГIан санна, карор воцучу тайпана къайлавер ву
иза,
буьйсанан сурт санна, гучуьра дIавоккхур ву иза.
9 Иза гина болчу бIаьргашна кхин гур вац и,
ваьхначу меттигашна а кхин гур вац иза.
10 Цуьнан кIентий сагIадоьхучарна хьалха а
хьесталуш лелар бу,
цо гулдина хьал цара юхадала дезаш ду.
11 Цуьнан дегI дузийна хилла къоналлин ницкъ
цуьнца цхьаьна кошан ченала буьжур бу.
12 Вон цуьнан багахь мерза делахь а,
цо маттана бухахь иза дIалачкъадахь а,
13 иза лардеш, охьа а ца кхуссуш, шен багахь,
стигална буьххьехь латтадо цо.
14 И санна кхача гай чохь муьста хир бу,
цуьнан кийрахь лаьхьанан дIовш хилла
дIахIуттур бу.
15 Цо дIакхаьллина болу дуьненан бахам
схьаIеттор бу,
Дала цуьнга иза цуьнан кийрара схьатосуьйтур
бу.
16 Цо цIубдеш дерг лаьхьанан дIовш ду,
лаьхьанан матто иза вуьйр ву.
17 Цо зовкх хьоьгур дац татолех а,
мазах а, кIалдах а дуьзна долчу хих а.
18 Къахьегарца ша гулдинарг, дIа а ца кхоллуш,
юхадала деза цо,
йохкаэцарх ша яьккхинчу санах цо зовкх хьоьгур
дац,
19 хIунда аьлча цо нах бацийна, ца вешаш,
ша дина доцу церан цIенош схьа а даьхна.
20 Цуьнан сутаралла бух боцуш яра,
цуьнан лаамийн доза а дацара.
21 Цхьа а хIума цо дIакхаллаза дисна дац,
цундела цуьнан беркат дукха лаьттар дац.
22 Шен совбаьллачу бахамна юкъахь цунна готта
хир ду,
цуьнан синан бала массо а ницкъаца цунна тIе
охьабужур бу.
23 Шен тIингар цо эккха йоллуш юзош хилча,
Делан оьгIазалла юссур ю цунна тIе,
догIа санна, цунна тIе таIзарш а доуьйтур ду.
24 Шаьлтанах кIелхьарвалар цуьнан хилахь а,
цIестан секхаIодан пха цунах кхетар бу.
25 И пха схьабаккха иза хIоттахь,
цуьнан стима юккъера къегаш иза схьабалахь,
эццахь евзар ю цунна Iожаллин инзаралла!
26 Iаьржа бода бу иза ларвеш цуьнга хьоьжуш.

Цхьаммо а серлайоккхуш йоцучу цIаро дIакхоллур ву иза,
цуьнан четар чохь мел хилла долу хIума а хIаллакьхир ду.
27 Стигало цуьнан харц хилар дIадоьллур ду,
латта а цунна дуьхьалдер ду.
28 Цуьнан цIера цо мел гулдинарг дIадер ду,
хи санна, дIагIур ду Делан оьгIазаллин дийнахь.
29 Иштта хир ду Iесачун Делера долу дакъа,
иштта Делера кхел а хир ю цунна».

## Аюб

21 Аюба цунна жоп делира:
2 «Дикка ладогIалаш ас бохучуьнга,
цунах суна шуьгара синхьаам хир бу.
3 Ас къамел дечу юкъана сатохалаш,
со аьлла ваьллачул тIаьхьа сох кхарда а мегар ду шуна.
4 Со адамна арз деш ву? Вац!
Со собар доцуш хиларан доккха бахьана ду.
5 Соьга схьа а хьовсий, инзардовла,
шайн бета тIе куьг а дилла.
6 Цунах ас ойла йича, къемато дIалоцу со,
сан дегI а дего долало.
7 Iесанаш дукха хIунда беха,
къеналле а кхочуш,
хьолехь сов а бохуш?
8 Церан бераш царна хьалха дIахIиттина хуьлу,
церан тIаьхье церан бIаьргаш хьалха хьалакхуьу.
9 Церан цIенош чохь кхерам ца лаьтта,
Делан гIаж а яц царна тIехь тIеайина.
10 Церан бугIанашкахь массо а хенахь ницкъ хуьлу,
ткъа церан хьелаша, оста а ца довлуш, эсий а до.
11 Жа санна, арабовлуьйту цара шайн кIентий,
церан кегий бераш дIасалелхаш ловзу.
12 ЖиргIанаш а етташ,
дечиг-пондарш а лоькхуш,
эшарш лоькху цара,
зурманан гIовгIанехь са а къоьру.
13 Церан шераш беркатехь дIаоьху,
тIаккха паргIатонехь эхарте кхочу.
14 Цара Деле боху: „Дита тхо,
Хьан некъаш довза тхуна ца лаьа!
15 Мила ву Нуьцкъалниг оха Цунна Iамал ян?
ХIун пайда болу доIанца Цунна тIе верзарх?“
16 Амма церан беркат церан-шайн куьйгаша кхоьллина дац.
Иштта Iесачеран хьехамаш тIеэцар генахь ду суна!
17 Кест-кеста бойий те Iесачийн чиркх?
Кест-кеста вонаш догIий те цаьрга?
Ша оьгIазваханчу хенахь кест-кеста
Дала баланаш хьовзабой те царна тIе?
18 Кест-кеста моха еана йолу ча санна бу те уьш,
я йилбазмохо дIахьош йолу кегаш санна бу те?
19 Бохуш ду: „Адамна догIу таIзар Дала цуьнан берашна кхоадо“.
Амма ас олу: адамна шена дойла Цо таIзар, иза кхетийта!
20 Цуьнан бIаьргашна гойла шен хIаллакьхилар,
цо ша молийла Ницкъболчун оьгIазалла!
21 Иза веллачул тIаьхьа цуьнан хIун бала бу шен доьзалан,
цуьнан оьмаран беттанаш чекхдевлла хилча?
22 Далла хьехамаш бойла дуй те,
Цо лаккхахь Iаш болчарна а кхел еш хилча?
23 Цхьаъ шегахь буьззина ницкъ болчу хенахь ле,
цхьана а хIуманан бала а, гIайгIа а йоцуш.
24 Цуьнан кийра махьарех буьзна бу,
цуьнан даьIахкаш тIамарах юьзна ю.
25 Ткъа важа шен дог доьхначохь ле,
цкъа а цхьана а дикачух зовкх а ца хьегна.
26 Амма и шиъ цхьабосса лаьтта вуьжу,
нIаьнаша цхьабосса къайла а воккху.
27 Суна шун ойланаш а, хIилланаш а девза,
аш сайна дуьхьал даха кечдина долу.
28 Аша олу: „Мичахь ду къизачу баьччанан цIа?
Мичахь ду Iесанаш чохь Iийна четар а?“
29 Некъахошка хаттарш ца дина те аша?
Церан дийцарийн тидам ца бина те аша?
30 Бала тIебеанчу дийнахь зуламхо кхоош хуьлу,
Делан оьгIазаллин дийнахь иза кIелхьарвоккху.
31 Цуьнан лелар юьхь-дуьхьал хьан емалдийр ду?
Цо диначух хьан бийр бу цунна бекхам?
32 Иза Iожаллин новкъа ваьккхинчул тIаьхьа,
цуьнан кошана улло гIарол хIоттадо.
33 ТогIи чохь кошан латта цунна мерза хуьлу.
Массо а стаг цунна тIаьхьахIоьттина вогIу,
цунна хьалха йоьду тоба ягарйина а вер вац.
34 Шун эрначу хабарх суна синхьаам муха хир бара?
Аша мел динчу жоьпех харцо бен ца юьсу!»

## Къамелийн кхоалгIа дакъа
(22:1–27:23)

## Элипаз

22 Теманхо волчу Элипаза, жоп а луш, элира:
2 †«Далла хIун пайда бу адамах?
Ур-атталла хьекъал долчух хIун пайда бу Цунна?
3 ХIун синкъерам бу Нуьцкъалчунна хьо бакъ хиларх?
ХIун пайда хир бара Цунна хьан некъаш цIена хиларх?
4 Цунна хьалха хьо ларамах вуьзна хилар дуй те
хьуна Iиттарш еш а, хьо кхеле вуьгуш а Иза лелар?
5 Бакъду, хьан вонаш дукха ду,
хьан къинош доза доцуш ду.
6 Бахьана доцуш вежаршкара закъалташ ийдина ахьа,
царна тIера бедарш а яьхна, уьш беркъа а бохуш.
7 ГIелвеллачунна мала хи а ца лора ахьа,

† 22:2, 3 Аюб 35:6-8.

мацвеллачуьнга бепиг а ца кховдадора.
8 Ницкъ болчуьнга ахьа латта схьалоцуьйтура,
цIеяхана верг цигахь ваха а хоуьйтура.
9 Бисина Iаш болу зударий даьссачу куьйгашца ахьа дIабохуьйтура,
ахьа байшкахь болу ницкъ а хIаллакбора.
10 Цундела ду хьуна гонах хIиттийна гураш,
цундела хьо цIеххьана къемато Iадийна ву.
11 Цундела хьуна хIумма а ца галлал бода тIебеана,
цундела хи тIедаларо хьо къайлавоккхуш ву.
12 Дела лекхачу стигалшкахь Iаш вац ткъа?
Хьалахьажал седарчашка, мел лекха ду уьш!
13 Ткъа ахьа боху: „ХIун хаьа Далла?
Цуьнга адамна кхел ялур юй те юькъачу мархашна юкъара схьа?“
14 Мархаша хIума ган Цунна новкъарло йо,
Иза стигалан Iаьршашкахула лелачу хенахь.
15 Ткъа гIур вуй те хьо кхидIа а ширачу а,
зуламхоша баьккхинчу а новкъа?
16 Уьш шайн хан а кхачале хIаллакьхилла,
ткъа церан цIенош хино дIадаьхьна.
17 Цара Деле баьхна: „ДIавала тхуна уллора!
ХIун дийр ду тхуна Ницкъболчо?“
18 Ткъа Цо церан цIенош хьолах хьаладузура.
Амма ас церан хьехамаш тIеоьцур бац!
19 Амма бакъахьа леларг, цаьрга а хьоьжуш,
церан дакъазадийлар а гуш, сакъералуш хир ву,
цIена верг царах воьлуш а хир ву:
20 „ХIаллакьхилла тхан мостагIий,
ткъа царах диснарг цIаро хIаллакдина“.
21 Делаца тайна хилахьа а,
Цуьнца барт болуш вахахьа.
Иштта хиларца хьуна тIе дика догIур ду.
22 Цуьнгара схьаболу хьехам дIаэца,
Цуьнан дош хьайн даг чу дIадилла.
23 Нуьцкъалчунна тIе верзахь, хьо юхаметтахIоттийна хир ву.
Нагахь санна хьайн хIусамера къинош ахь дIалахкахь,
24 нагахь хьайн деши ахь ченашка дIакхоссахь,
Апаран деши – Iаннийн тIулгашка,
25 тIаккха Нуьцкъала Дела хьан деши хилла дIахIуттур ву,
Иза иштта къегаш долу дети санна хьуна хир ву.
26 ТIаккха хьо Нуьцкъалчунах воккхавер ву,
хьайн юьхь Далла дуьхьал а ерзор ю ахьа.
27 Ахьа доIа дича, Цунна дIахезар ду,
тIаккха кхочушдийр ду ахьа хьайн нигаташ.
28 Ахьа дагалаьцнарг дерриг а кхочушхир ду,
хьан некъаш тIехь серло хир ю лепаш.
29 Адамаш охьатаIийна делахь, ахь эр ду: „Хьалаайина хила“,
ткъа корта охьабахийтинарг Дала кIелхьарвоккхур ву.
30 Бехк берг а Дала кIелхьарвоккхур ву,
цуьнан кIелхьарвалар хьан цIена куьйгаш бахьана долуш хир ду».

Аюб

23 Аюба, жоп а луш, элира:
2 «Тахана а къаьхьа ду сан аьрзнаш,
куьйгаца сайн узарш ас Iаткъадахь а.
3 Суна хууш делахьара, Дела мичахь карор ву а,
Цуьнан хIусам йолчу со дIавогIуш велахьара а,
4 аса дIадуьйцур дара Цуьнга сайн гIуллакх,
сайн бага со бехказадохучу дешнех а юзур яра.
5 Цо сайга хIун олу а хуур дара суна,
Цо сайга бохучух а кхетар вара со.
6 Шен болчу ницкъаца соьца къовсалур вара те Иза?
Вацара! Цо Шен тидам суна тIебохуьйтур бара.
7 ТIаккха бакъахьа лелаш волу со Цуьнца къовсавала мегара,
ткъа суна а сан Кхелахочуьнгара массо а ханна паргIато хир яра.
8 Со малхбузехьа дIавоьду – цигахь Иза вац,
малхбалехьа – цигахь а суна Иза ца караво.
9 Иза къилбаседехь къахьоьгуш хилча а, сан Цунах бIаьрг а ца кхета,
къилбехьа Иза дIавирзина хилча а, суна Иза гуш вац.
10 Ткъа Цунна хууш ма ду, со лела некъ муьлха бу.
Цо со зийча, деши санна, цIена хилла дIахIуттур ву со.
11 Цуьнан лар лохуш, леррина вогIу со.
Юьстах а ца волуш, Цуьнан некъ ас ларбо.
12 Цуьнан багара девллачу весеташ тIера со ца ваьлла,
Цуьнан багара дешнаш сайн даг чохь Аса леладо.
13 Иза хийцам боцуш ву – мила ву Иза хийцавалийта?
Шена дага мел деанарг Цо кхочушдийр ма ду.
14 Суна дуьхьал Ша леринарг Цо кхочушдийр ду,
ишттаниг Цуьнан дуккха а ду дIадиллина.
15 Цундела ву со Цунна хьалха Iадийна,
айса ойла ешшехь – Цунах кхерало со.
16 Дала кIаддина сан дог,
Нуьцкъалчо со кхерийна.
17 Со вист ца хуьлуш лаьтташ вац, бода белахь а,
сан юьхь Iаьржачу бодано дIахьулйинехь а».
Аюба кхидIа а элира:

24 «ХIунда ца доху Нуьцкъалчо кхел ен денош билгал?
ХIунда ца го и денош Иза вевзачарна?
2 Адамаша доза къастош диллина тIулгаш дIасадоху,
цара жаш лачкъа а до, уьш дажа а до.
3 Байлахь бисинчеран варраш дIаюьгу,
йисина Iачун сту закъалтана дIабуьгу.
4 Цара къен верг шайн некъа тIера дIатотту,
махкахь гIело хьоьгурш къайлабуьйлуш лела безаш бу.
5 Аренгара акха варраш санна, кхача а лоьхуш,
шайн болх кхочушбан арабовлу уьш.

Яьссачу арено царна а, церан берашна а кхача ло.
6 Цара нехан кхаш тIехь шайна докъар гулдо,
хьарамлелачун кемсийн бешахь йиснарг схьагулйо.
7 ТIехь хIума доцуш дIабуьйшу уьш,
шийлачу заманахь тIеюха хIума а яц церан.
8 Ламанан догIанаша уьш башабо,
уьш тархех дIахьерча,
дIалечкъийла шайн ца хиларна.
9 Бобераш декхачуьра доху,
къечун аганара бер закъалтана доккху.
10 ТIехь хIума йоцуш лела къен нах.
Ялта чудерзош болчара санна цара
болх бахь а, уьш мацболуьйту.
11 РаьгIнашна юкъахь, Iовдий, зайтдаьтта доккху цара,
кемсаш Iуьйдуш мутта доккху, амма шаьш хьогалла лов цара.
12 ГIалахь леш болчеран узарш ду хезаш,
чевнаш йинарш а бу гIо доьхуш,
амма Далла церан доIанаш дIа ца хеза.
13 Серлонна дуьхьал гIевттинарш а бу,
царна ца девза Цуьнан некъаш,
уьш цу некъаш тIехула а ца лела.
14 Сахуьллуш хьалагIотту нах бойург,
къениг а, декъазаниг а цо воь,
ткъа буьйсанна хIума лачкъайо.
15 Нахаца леларг бода тIебаре хьоьжу,
цунна моьтту: „Со цхьанна а гур вац“,
шен юьхь а цо туьтмIаьжигаца дIакъовлу.
16 Буьйсанна цIийнан пенах Iуьрг доккху талорхоша,
ткъа дийнахь, дIа а ловчкъий, ара ца бовлу уьш.
Дийнан серло хIун ю царна а ца хаьа.
17 Царна массарна а Iуьйре – Iожаллин IиндагI санна ю,
ткъа оцу IиндагIан инзаралла царна евзаш ю.
18 Амма, хина тIехула хIуттург санна, уьш сихха дIабовду.
Царна кхаьчнарг лаьттан декъан тIехь неIалт ду,
церан кемсийн беша боьду некъ а баьсса бу.
19 Йокъано дешаш долчу лайн хи дIа-ма-худдара,
иштта эхарто дIахуду къинош летийнарш.
20 Ненан кийрано а иза вицво,
цунах нIаьнийн даар а хуьлу,
цхьанна а иза дага а ца вогIу,
дитт санна, кагло къинош летийнарг.
21 Цара бер доцучунна а, бераш ца хиллачунна а гIело йо,
йисина Iачунна а диканиг ца до цара.
22 Амма Дала Шен ницкъаца ницкъберш а дIакхоьхьу.
Дела хьалагIаьттича, шайн дахарх церан дегайовхо ца хуьлу.
23 Дала цаьрга кхерам ца хиларе сатийсийтахь а,
Цуьнан бIаьргаш церан некъашка хьажийна бу.
24 Уьш кIезигчу ханна бен хьала ца айабелла,
тIаккха уьш бац.
Охьа а эгна, уьш, берриш а санна, схьагулбеш бу.
Кенан баххьаш санна, схьахадийна а хир бу уьш.
25 Иза иштта ца хилча, сан харц хилар гучу хьан доккхур ду?
Сан дешнаш эрна ду хьан эр ду?»

## Билдад

25 Шуахьахо волчу Билдада, жоп луш, элира:
2 «Iедал а Делан ду, ларамах бузуьйтуш ву Иза.
Лекхачу Шен стигалахь Цо машар латтабо.
3 Чот юй те Цуьнан эскарийн?
Хьанна тIе ца юссу Цуьнгара серло?
4 Муха хир ду адам Далла хьалха бакъ?
Муха хир ву зудчо вина волу стаг цIена?
5 Цуьнан бIаьргашкахь бутт а сирла ца хилча,
Цунна хьалха седарчий а цIена ца хилча,
6 кхин а кIезиг ду адам – нIаьвцицигах а,
нIаьнах а терра бен вац адаман кIант».

## Аюб

26 Жоп луш, Аюба элира:
2 «Стенна тIехь гIо дина ахьа гIора дIадаьллачунна?
Куьйгашкахь ницкъ боцучунна гIо диний ахь?
3 ХIун хьехар дина ахьа хьекъал доцучунна?
КIорга хьекъалалла луш ницкъ бина ахьа хьайна!
4 Хьан гIо дина хьуна и дешнаш ала?
Хьенан са дара хьан багахула къамел дийриг?
5 Хина а, цунна чохь бехачарна а бухахь
беллачийн синош дегош лаьтташ ду.
6 *Эхарт* Далла хьалха дерзина а ду,
талхаран меттиган *кхалор* а яц.
7 Цо яьссаллина тIехь къилбаседехьара стигал дIаяржийна,
цхьа а хIума йоцучохь латта а хьалаоьллина.
8 Шен мархаш юкъахь хи схьагулдо Цо,
ткъа марха хи деза хиларх екъа а ца ло.
9 Цо беттасин юьхь дIалачкъайо,
марха цунна тIе а йохийтий.
10 Хи тIехула сиз хьаькхна Цо,
серлонна а, боданна а юкъара доза а къастош.
11 Цуьнан оьгIазаллех инзардевлла,
стигалара бIогIамаш ду дегош.
12 Шен ницкъаца хIорд дIатебира Цо,
хIордан саьрмик болу РахIаб Цо
Шен хьекъалаллица хьаьшира.
13 Цо схьадеттачу хIоно стигал серлаяьккхира,
Цуьнан куьг шершаш боьдучу лаьхьанах чекхбелира.
14 ХIара дерриг а Цуьнан гIуллакхийн кIеззиг долу дакъа бен дац.
Шабар-шибар дечу хенахь бен вайна Цунах лаьцна ца хеза!

Ткъа Цуьнан ницкъан къекъар къасто хьенан хир яра йиш?»

### Аюб

27 Шен къамел кхидIа а дира Аюба. Цо элира:
2 «Аса чIагIо йо суна нийса кхел ца йойтуш дийна волчу Делах а,
сан дагна сингаттам баьккхина волчу Нуьцкъалчух а,
3 суна чохь садеIар дIадаллалц,
сан мерIуьргашкахь Делан са мел ду,
4 сан багара харцдерг арадер ма дац,
сан матто бакъ доцург а дуьйцур ма дац!
5 ХIуъа хилахь а, со аша бохучунна тIетовр вац,
со дийна мел ву, сайн цIена хилар дойур дац ас.
6 Сайн бакъхилар чIоггIа латтадо аса, иза ас дIа а лур дац –
цу тIехь сан даго, со мел веха, бехк а боккхур бац сох.
7 Сан мостагIа харцонча санна лорийла,
суна дуьхьал ваьлларг зуламхо санна хуьлийла.
8 Стенах сатийса деза Iесачо,
Дала ша дIатеттича,
Цо шен са дIаэцча?
9 Далла хезар дуй те цуьнан тийжар,
цунна бохам тIебеача?
10 Воккхавеш хир вуй те иза Нуьцкъалчух,
кхойкхур вуй те иза Цуьнга массо а хенахь?
11 Ас дуьйцур ду шуна Делан куьйгах лаьцна,
Нуьцкъалчун некъаш а шух къайладохур дац ас.
12 Шуна шайна а ма гина дерриг а.
Стенна дуьйцу и даьсса хабарш?
13 ХIара ду шуна харцо лелочунна Делера хиндерг,
хIара ду Нуьцкъалчуьнгара къизачунна кхочун дерг †.
14 Цуьнан кIентий мел дебарх, уьш туьро хIаллакбийр бу,
цуьнан тIаьхьено дуззалц бепиг дуур дац.
15 Цунах тIаьхьабиснарш Iожаллин уьно коше кхачор бу,
царах бисинчу зударша царна тIаьхьа тийжарш а дийр дац.
16 Ченал дукха дети шена гулдахь а,
поппарал дукха бедарш цо гулъяхь а,
17 уьш Делан лаамехь болчара тIедухур ду,
цуьнан дети цIена лелачара доькъур ду.
18 Цо шена деш долу цIа нецан бен санна
я хехочун бун санна, до.
19 ДIавуьжуш, хьолада санна дIавуьжу иза,
амма самаваьлча, цуьнан бахам ца хуьлу.
Цо бIаьргаш схьабиллича, цуьнан хIумма а дисина ца хуьлу.
20 Хи тIедалар санна, тIекхочур ду цунна Iадор.
Буьйсанна шайтIанан мохо иза дIа а хьо.
21 Малхбалехьарчу мохо иза дIаваьхьча,
иза кхин хир вац. Шен метта тIера
оцу мохо дIахьокхур ву иза.
22 Къинхетам боцучу мохо иза дIахьоькху,
цуьнан караравала гIертачу хенахь.
23 Самукъадаьллачу мохо, цунах кхаьрдаш, тIараш вовшахдетта,
иза мел кхочучу меттехь цунна шок а етташ».

### Хьекъалаллех лаьцна йолу байт

28 Иштта, дети доккху меттиг а ю,
деши лалош а, цIандеш а меттиг а ю.
2 Эчиг лаьтта бухара схьадоккху,
ткъа цIаста, маьIда хуьлий, лела.
3 Серло а яхьаш, адамо хьехан бода дIабоккху.
Уггар генахь йолчу меттигашкахь лохуш ву иза.
КIоргачу боданехь маьIда лохуш ву иза.
4 Цо лаьттах маьIда даккха гIу йоккху,
нах Iаш болчунна генахь а йолуш,
адаман ког кхачаза йолчу меттигашкахь.
Адамашна генахь а волуш,
гIун чохь машшаш тIехь кхозу иза.
5 Шена тIехь ялта кхуьуш долу латта,
кIоргенехь цIарца дагийча санна, аьхкина хуьлу.
6 Оцу меттигехь саппир цIе йолу тIулгаш ду,
ткъа царна тIехь дешин чан ю.
7 Цига боьду некъ цхьана а акха олхазарна а ца бевза,
и некъ цхьана а лечин бIаьргана а ца гина.
8 Курачу акхаройн лар а цига ца кхаьчна,
иштта цхьа а лом цигахь ца лелла.
9 Адамаша тархийн чIогIалла йохош шайна некъаш доху,
цара лаьмнаш ораматашна тIера дуьйна тIекIелдоху.
10 Цара тархашна юккъехь шайна некъаш доху,
лаьтта бухара бахам гучуболу церан бIаьргашна хьалха.
11 Цара хиш арадовлу кортош а лоьху ††,
къайлаха долу хIума гучу а доккху.
12 Амма мичара доккху те хьекъалалла?
Кхетамалла йолу меттиг мичахь ю те?
13 Адамна цуьнан мах а ца бевза,
дийначийн лаьтта тIехь а иза карор бац.
14 КIоргачу хино боху: «Суна чохь иза дац».
ХIордо а боху: «Соьгахь а иза дац».
15 ЦIеначу деших а иза лур дац,
дети а оьзна, цунах а иза эцалур дац.
16 Апаран дешица а иза дусталур дац,
я дезачу тIулгех ониксах а, саппирах а дусталур дац.
17 Я деши а, я цIена ангали а цуьнца дусталур дац,
я цIеначу деших йолчу пхьегIех а хийцалур дац.
18 Маржанаш а, чекхсагун тIулгаш а дийца а ца оьшу,
хьекъалалле кхачар массо а жовхIарел а деза ду.
19 Цуьнца нислур дац *Хуша-махкара* топаз,
цIеначу деших иза эцалур дац.

† *Цхьадолчу гочдаршка хьаьжжина, 13-чу аята тIера 23-чу аята тIекхаччалц Цупаран къамел ду.**

†† *Цара хиш арадовлу кортош а лоьху *– я иштта: *Цара лаьтта бухара хиш сеца а до.**

20 Мичара долу те хьекъалалла?
Мичахь ю те кхетамаллин меттиг?
21 Иза массо а дийначу хIуманан бIаьргах къайладаьккхина ду,
иштта стигаларчу олхазарех а къайладаьккхина.
22 Талхаран меттиго а, Iожалло а боху:
«Тхан лере цунах хабар бен ца кхаьчна».
23 Далла бен ца хаьа цунна тIебоьду некъ,
Цунна хаьа иза долу меттиг а,
24 хIунда аьлча Цунна дуьненан йисте кхаччалц дерриг а гуш ду,
стигална бухахь дерг а дерриг а гуш ду.
25 Цо механ ницкъ билгалбаьккхинчу хенахь,
хийн барам билгалбаьккхинчу хенахь,
26 иштта догIанна бакъо лучу хенахь,
ткъесана тача лучу хенахь,
27 эццахь хьекъалалла а гина, иза талла а теллина,
цуьнан йозалла а йовзийтина, иза дIахIоттийра Цо.
28 †ТIаккха аьлла Цо адаме:
«Хьалдолчу Эле ларамах вуьзна хилар – иза хьекъалалла ду,
ткъа зуламна генавалар – иза кхетамалла ду».

### Аюбан тIаьххьара къамел

29 Аюб кхин а къамел дан волавелира:
2 «Ма лаьар-кх суна дIадахана беттанаш духадоьрзийла,
Дала со ларвеш хилла долу денош духадоьрзийла,
3 Цуьнан *къуьда* сан коьрта тIехула богуш а болуш,
ткъа со Цуьнан серлонехь боданехь санна лелла хан!
4 Иза дара сан дахаран тоьллачу деношкахь,
Делаца йолу тIекаре сан хIусамехь йолчу хенахь.
5 Нуьцкъала Дела соьца вара,
сан бераш а дара суна уллохь.
6 Шуьрин татолаш дара со лелачу некъаш тIехь,
ткъа тарха тIера охьаоьхуш зайтдаьтта дара.
7 ГIалин ков долчу ара а ваьлла,
со майданахь сайн метте охьахиъча,
8 кегий нах, сох шайн бIаьрг кхетча, суна хьалха къайлабовлура,
ткъа къаной, хьала а гIовттий, лаьттара.
9 Баьччанаш, бист а ца хуьлуш,
шайн бета тIе куьг а дуьллий, лаьттара.
10 Ткъа хьалдолчеран аьзнаш дIасовцура,
церан меттанаш стигалх дIалетара.
11 Со хезаш мел верг со хестош хуьлура,
ткъа со гинарш суна хастамаш беш хуьлура,
12 хIунда аьлча аса гIо доьху пекъар кIелхьарвоккхура,
гIо доцуш болчу боберашкахьа гIо а доккхура.
13 Лечуьра кIелхьарваьккхинчо со декъал а вора,
бисинчу зударийн дегнийн а ас самукъадолуьйтура.
14 Бакъахьа лелар – сан духар санна дара,
ткъа нийсо – сан оба а, чалба а санна яра.
15 Со бIаьрзечунна бIаьргийн метта вара,
ткъа астагIчунна когийн метта вара.
16 Мискачарна со ден метта вара,
хийрачун гIуллакх а ас къастадора.
17 Зуламхойн моччагIалш а ас дохадора,
церан багара ижу а ас схьайоккхура.
18 Ас олура: „Со сайн бен чохь лийр ву,
сан денош, хIорда йистера гIум санна, дукха хир ду,
19 сан орамаш хи тIе кхочу,
сан гаьннаш тIехь бецан тхи а ду буьйса йоккхуш,
20 сан сий а дац тишлуш,
сан ницкъ а карлаболуш лаьтта“.
21 Адамаша собарца ладугIура соьга,
дист а ца хуьлуш, сан хьехаме хьоьжура.
22 Ас аьлларг дийцаре а ца доккхура цара,
сан дешнаш, догIа санна, царна тIеоьхура.
23 ДогIане санна, сатуьйсура цара соьга,
бIаьстенан догIанан тIадамашна санна,
шайн баганаш хьала а гIиттайора.
24 Уьш ца тешара, со шайна велавелча,
сан юьхь тIера лепаро уьш иракара а хIиттабора.
25 Ас царна некъ гойтура, со церан баьчча а вара.
Шен эскархошна юкъахь Iаш волу паччахь санна, вара со царна юкъахь.
Дог доьхначарна синхьаам беш верг санна, вара со царна».
Аюба кхидIа а элира:
30 «ХIинца сол жимах берш сох буьйлуш бу.
Церан дай ас сайн жа лардеш долчу жIаьлешна улло а буьтур бацара.
2 Суна хIун пайда бара куьйгашкахь болчу ницкъах,
оцу дайн гIора цаьргара дIадаьхьна хилча?
3 Къоьллех а, мацаллех а гIелбелла,
буьйсанна яьссачу аренгахь
декъа орамаш доура цара.
4 Коьллашна юкъара сорам боккхура цара,
ткъа чаьмза жолам-колл царна кхачанна яра.
5 Адамашна юкъара дIалоьхкура уьш,
къушна тIе санна, царна тIе мохь хьоьккхура.
6 Церан Iойла дакъаделлачу хин Iаннаш чохь ду,
лаьттах долчу оьрнашна а, тархашна а юкъахь.
7 Коканийн коьллашна юкъахь, варраш санна, Iоьхура уьш,
нитташна юкъахь шаьш дIахьулбора.
8 ЦIе йоцу, пайда боцу,
махкара лаьллина лелош йолу арданг!
9 Цара сох хIинца кхардаран йиш лоькху,
сох лаьцна цара масалш а даладо.
10 Царна со дегаза а хета, уьш сох къехка а къехка,
со шайна гушшехь, туйнаш а кхуьссу цара.
11 Сан секхаIодан зIенар дIа а яьстина,
Дала со гIел а вина, суна гIело а йина.
Цундела суна дуьхьал дуьрста йоцуш бу уьш.
12 Аьтто агIор суна тIелета и арданг,

† *28:28 Забур 110:10; Кицанаш 1:7; 9:10.*

сан когаш тӀера со бертал ветта цара,
со верхьама шайна некъ а боккхуш.
13 Цара сан кӀелхьарваларан некъ бохийна,
со дакъазаваккхарна аьтто бо цара,
цхьа а шайна гӀо деш воцуш.
14 Пенах даьккхинчу доккхачу Ӏуьргах санна,
чулелха уьш суна.
Пенан дакъош охьадужучу хенахь суна
тӀебеттало уьш.
15 Ӏадош долу къематаш догӀу суна тӀе,
сан юьхькӀам, мохо санна, дӀасабаржабо,
со кӀелхьарваларан йиш, марха санна, йов.
16 Сан са дӀадолуш доллу,
баланийн денош тӀекхаьчна суна.
17 Буьйсанна сан даьӀахкаш лозу,
сан лазар а дац цкъа а соцуш.
18 Боккхачу ницкъаца сан бедар хьийза а еш,
Дала сан барзакъан кач дӀалоцу.
19 Цо со хоттана юккъе кхуссу,
хӀинца со чан а, овкъарш а санна ву.
20 Со Хьоьга кхойкху, амма Ахьа суна жоп ца ло,
со Хьуна хьалха лаьтташ ву, амма Хьо соьга схьа
ца хьожу.
21 Нуьцкъала Дела, ма къиза ву-кх Хьо соьца,
Хьайн нуьцкъала куьг суна дуьхьал даьккхи-кх
Ахьа.
22 Со хьала а айина, сихачу мохе хьовзавайти
Ахьа,
чӀогӀа хьоьхкучу мохаца со дӀаса а ветта Ахьа.
23 Суна хууш ду, Ахьа со Ӏожалле вуьгуш вуйла,
дуьнен чохь вехаш волу массо а стаг кхочур
волчу метте.
24 Декъазачунна тӀе куьг айдеш хуьлу,
орца а дохуш, цунна тӀехь хала киртиг хилча?
25 Хала дахар долчунах воьлхуш вацара те со?
Къечунах къинхетам ца бора те ас?
26 Ас диканах сатуьйсучу хенахь, бала кхечи соьга,
ас серлоне сатесча, бода тӀебеа.
27 Сан кийрара цӀе дӀа ца йолу,
баланийн денош ду суна тӀедаьхкина.
28 Сан чкъор Ӏаржделла, амма иза малхо Ӏарждина
дац.
Адамийн гуламна хьалха дӀа а хӀоьттина, ас гӀо
доьху.
29 Со хӀинца чангӀалкхийн ваша а,
страусийн доттагӀа а хилла.
30 Ӏаржделла сан чкъор охьадужу,
дерриг а сан дегӀ дагаро дӀалаьцна.
31 Сан мерз-пондар а бу боьлхуш,
тийжаш ю сан зурма а».
Аюба кхидӀа а элира:

31 «Сайн бӀаьргашца бина барт бу сан,
уьш зудабере хьарамлонца дӀахьожур бац
аьлла.
2 Иштта хилча, хӀун кхоллам бара те лакхарчу Дала
суна кечбинарг?
ХӀун кхел йинера те суна стигаларчу Нуьцкъалчо?
3 Зуламхошна лерина дац те дакъазабовлар,
харцонаш лелочарна лерина бац те бохам?
4 Далла ца го те сан некъаш,
массо а сан гӀулч Цо ягар ца йо те?
5 Ас чӀагӀо йо, со харцонаш еш ца лелла аьлла,
мекарниг дан сан ког сих ца белла аьлла.
6 Дала со бакъдолчу терзан тӀехь узийла,
тӀаккха хуур дара Цунна, со цӀена вуйла.
7 Со нийсачу некъа тӀера галваьллехь,
сан бӀаьргаша сан дог вонна тӀе дерзийнехь,
сан куьйгаш хьарамчу хӀумано бехдинехь, –
8 ас дӀадийнарг кхечо доийла,
сан зӀийдагаш орамашца цхьаьна хьалайохийла.
9 Нагахь сан дагна уллорачун зуда а езаелла,
сайн уллорачун неӀарехь кӀелонаш ас йинехь,
10 сан зудчо кхечунна кохьар хьийзайойла,
цуьнца буьйшуш кхиберш а хуьлийла,
11 хӀунда аьлча иза хьарамло хир яра,
цунна кхелахой кхел ян езаш хир бара.
12 Иза массо а хӀаллакдеш йолу цӀе хир яра.
Ас къа мел хьегнарг дакъазадоккхур дара.
13 Нагахь ас сайн ялхошца нийсо лелош ца
хиллехь,
церан сайца къовсам баьлча,
14 ас хӀун дийр дара, Дела суна хьалха
дӀахӀоьттича?
Цо сайга хаттар дича, ас хӀун эр дара Цуьнга?
15 Со Кхоьллинчо и ялхо а ца кхоьллина те?
Тхайн нанойн кийрахь тхойшиъ а Цо ца кечвина
те?
16 Ас чӀагӀо йо, къечун дехар ас дӀа ца теттина
аьлла,
йисина Ӏачу зудчун бӀаьргаш ас ца кхолийтина
аьлла.
17 Ас чӀагӀо йо, сайн бепиг ас сайна ца дитина
аьлла,
цунах байлахь бисинчарна дакъа а ца деш.
18 Со жима волчу хенахь дуьйна байлахь
бисинчарна да санна хилла,
бисина болчу зударшна ненан кийрахь дуьйна
гӀо дина ас.
19 ТӀедуха хӀума цахиларна стага бала хьегар а,
къечу стагана тӀетаса хӀума цахилар а сайна гича,
20 ас царна тӀедуха хӀума лора,
сан уьстагӀийн тӀергӀано уьш бох а бора,
ткъа цара даггара баркаллаш а олура.
21 Нагахь ас боберана дуьхьал буй айбинехь,
гӀалин кевнехь болчу кхелахошкара
сайна гӀо хир дуйла а хууш,
22 сан куьг белша тӀера охьадужийла,
пхьаьрсан голлец каглойла сан куьг.
23 ХӀунда аьлча Дала сайна бохам барх со чӀогӀа
кхоьруш вара.
Цуьнан возаллина дуьхьалвала сан ницкъ хир
бацара.
24 Нагахь санна со деших тешнехь,
я цӀеначу дешига ас аьллехь:
„Хьо сан чӀагӀо ю“,

25 нагахь санна ас сайн доккхачу хьолах дозалла динехь,
сайн куьйгаша къа мел хьегначух со сакъераделла хиллехь,
26 нагахь санна маьлхан къегаш хиларе а,
беттасин сийлахьчу боларе а хьоьжуш,
27 сан дог царах къайлаха Iеха а делла,
уьш лара куьйгана барт ас баькkхинехь,
28 иза кхел ян дезаш долу зулам хир дара,
лакхарчу Далла ас тешнабехк бийр бара.
29 Сайн мостагIа валар бахьана долуш воккхавеш хилла со,
я цуьнга вон деача, сакъералуш хилла?
30 МостагIчунна Iожаллин неIалт кхайкхош,
сайн баге къа ца летадайтира ас.
31 Сан хIусамна чохь болчара эр ма ду:
„Аюба жижигах ца вузийнарг вуй ткъа?“
32 Ваьлла лелачо цкъа а арахь буьйса ца яьккхина:
сан цIийнан неIарш цунна массо а хенахь дIайиллина хилла.
33 Ас чIагIо йо, сайн къинош сайн четахь дIа ца хьулдина аьлла,
кхечу адамаша санна, цкъа а сайн зулам ас къайла ца даьхьна аьлла,
хIунда аьлча адамийн тобанех со дIакъехкар вара,
вист а ца хуьлуш, сайн хIусама чохь сеццал,
тукхамашна дола хетарх кхоьрур а вара.
35 Соьга стаг ладугIуш велахьара!
Айса мел аьлларг чIагIдо ас.
Нуьцкъалниг суна жоп луш велахьара!
Нагахь санна со бехкевеш волчо
сан стенна тIехь бехк бу яздинехьара,
36 и йоза ас сайн белшаш тIехь лелор дара,
*таж* санна, иза сайн коьрта тIе дуьллур дара.
37 ТIаккха айса мел баькkхина ког дIабуьйцур бара аса,
элана санна, Цунна улло гIур вара со.
38 Сан латто суна дуьхьал кхайкхош делахь,
оханна тIера хершнаш доьлхуш делахь,
39 ас царна тIера ялта мах боцуш диънехь,
я цу ахархойн дегнаш ас дохийнехь,
40 кха тIехь кIен метта коканаш долийла,
ткъа мекхан метта асар хьалакхуьийла».
Цу тIехь чекхделира Аюбан къамел.

### ЭлихIус дина къамелаш
(32:1–37:24)

32 ТIаккха Аюбан кхо доттагIа цунна дуьхьал
хIумма а ца олуш сецира, хIунда аьлча иза
ша бакъ хиларх тешна вара. 2 Эццахь бузихойх
волу Барахиалан кIант ЭлихIу оьгIазвахара. Иза ша
Раман доьзалера вара. ЭлихIу Аюбана
оьгIазвахара, цо ша Делал а чIогIа *бакъвар*
бахьана долуш. 3 Иштта Аюбан кхаа доттагIчунна а
оьгIазвахара ЭлихIу, хIунда аьлча цара, Аюбана
дала жоп ца карийнехь а, цунна бехк биллира.
4 ЭлихIу Аюб вистхилла валлалц собар деш вара,
хIунда аьлча къамел деш берш берриш а цул
баккхий бара. 5 Амма, важа кхоъ кхин хIумма а ца
олуш сецча, иза оьгIазвахара.

### ЭлихIу

6 Бузихо волчу Барахиалан кIанта ЭлихIус элира:
«Шерашца дуьстича, со шул жима ву, ткъа шу сол даккхий ду.
Цундела озавелла, сайна хетарг ца олуш Iаш вара со.
7 Ас сайга бохура: „Хан яьлларш бист хуьлуьйтур бу ас,
воккханиг ву хьекъалалла дала дезаш верг“.
8 Амма адамна хьекъал лург Делан Са ду,
Нуьцкъалчун Iаьнаро цунна кхетам ло.
9 Бакъ дац хан яьлла волчун бен хьекъал дац бохург,
къоначарна а го нийсонца дерг.
10 Цундела ас боху: „ЛадогIа соьга,
со а сайна хууш дерг ала воллу“.
11 Ас собарца ладуьйгIира шун къамелашка,
леррина ладуьйгIира шун хьекъалечу дешнашка,
шаьш ала дезарг аша лоьхучу хенахь.
12 Дикка хьоьжуш вара со шуьга,
амма шух цхьаммо а Аюб къар а ца вира,
цо аьллачунна дуьхьал жоп а ца делира.
13 Аша баха ца оьшу: „Аюбана чохь хьекъалалла карийна тхуна“.
Аюб къарвийриг Дела хир ву, адам хир дац.
14 Аюб соьга луьйш вацара,
цундела ас цунна жоп аша санна лур дац.
15 Уьш дог доьхна лаьтта, кхин хIумма а алалуш а боцуш.
Церан хIумма а ала ца дисна, уьш дIасецна.
16 Со мел хьежарх а, уьш бист хуьлуш бац,
кхин хIумма а ца олуш, дIасецна уьш.
17 Цундела ас сайгара жоп лур ду,
сайна хууш дерг а эр ду,
18 хIунда аьлча дешнех хьалавуьзна ву со,
ткъа сан кийрахь долчу сино Iаткъам бо суна.
19 Сан кийра садеIалуш доцу керла чагIар санна бу,
иза эккха боллуш болу *пIаьлдиг* санна бу.
20 Соьга алийта, суна атта хилийтархьама.
Сан балдаш дIаделлийта, соьга жоп далийтархьама.
21 Цхьаьнгге а ас озабезам бийр бац,
цхьана а адамна хьеста а лур вац со.
22 Суна хьеставала ца хаьа,
амма иза иштта ца хилча,
со Кхоьллинчо со сихха дIавоккхур вара».
ЭлихIус кхидIа а элира:

33 «Ткъа хIинца, Аюб, ас бохучуьнга ла а догIа,
массо а ас олучу дешан тидам а бе.
2 ХIинца ас сайн бага дIайоьллу,
сан дешнаш меттан юьххьехь ду.
3 ЦIеначу даг чуьра сан дешнаш схьадовлу,
суна хууш дерг сан матто цIена схьабоху.
4 Со Делан Сино кхоьллина,
Нуьцкъалчун Iаьнаро суна дахар ло.

5 Хьайн аьтто белахь, жоп ло суна,
соьца къовса кеч а ло, дIа а хIоттий.
6 Далла хьалха со а хьо верриг ву,
со-со а ву поппарх вина.
7 Цундела сох болчу кхерамо хьо Iада ма во,
хьуна тIехь болу сан Iаткъам беза хир бац.
8 Суна сайна хезира ахьа мел аьлларг,
хьан аз хIинца а сан лерехь ду:
9 „Со цIена ву, зуламаш лелийна а воцуш,
со бехказа ву, къинош летийна а воцуш.
10 Ткъа Далла суна таIзар дан бахьанаш карадо,
со Шен мостагIа а лору Цо.
11 †Цо сан когашна буржалш тоьхна,
ас мел боккхучу коге леррина хьоьжу“.
12 Цу тIехь хьо бакъ вац, Аюб,
хIунда аьлча Дела адамал лекха ву.
13 ХIунда къийсало хьо Цуьнца,
адамо олучу дешнашна Цо жоп ма ца ло?
14 Дела адаме юх-юха а вистхуьлуш велахь а,
Цо бохург ца тусало стагана.
15 ††Цо гIенах олу стаге я буьйсанан суьртехь,
кIорга наб адамна кхеттачу хенахь
я шен меттахь стаг Iуьллучу хенахь.
16 ТIаккха церан лерг сама а доккхий,
дикка гучу тайпана царна лерина
долу Шен дIахьедар до Цо,
17 стага дан леринарг цуьнга ца дайта а,
цуьнан куралла дIаяккха а,
18 иштта иза эхартана гена ваккхархьама а,
цуьнан дахар Iожаллин хих чекх ца далийтархьама а.
19 Шен меттахь лазарца кхетаво Цо иза,
цуьнан даьIахкашкахь гуттар а тIом а латтош.
20 ТIаккха цуьнан кийрано яа хIума тIе ца оьцу,
уггар токхе йолу хIума а цуьнга ца яало.
21 Цуьнан дегI гIелло, цунах хIумма а ца дуьсу,
хьалха гуш йоцу цуьнан даьIахкаш гучуйоху.
22 Цуьнан са эхарте кхочуш ду,
ткъа цуьнан дахар – Iожалла
тIеяхьаш болчу геланчашка.
23 Амма нийса муха лела деза гайтархьама,
адамна юкъалелаш долу *малик* делахь,
вуно дукха а долчу маликех цхьаъ,
24 оцу стагах къинхетам а бина, цо эр ду Деле:
„Эхарте кхачарх паргIатваккхахьа иза,
цунах такха дезарг суна карийна“.
25 ТIаккха цуьнан дегI къона волуш хилларг санна, дIахIуттур ду,
иза юхавоьрзур ву шен жималлин деношка.
26 Цо Деле доIа дийр ду, ткъа Дела цунна тамехь хир ву.
Деле Iибадат а деш, цо воккхаверца мохь хьоккхур бу.
Дала цуьнан нийса хьал юхаметтахIоттор ду.
27 Нахе дIадуьйцур ду цо шена хилларг:
„Ас къинош летийна сайх, харцдолчух бакъдерг а деш,
амма суна догIу таIзар Цо суна ца дина.
28 Эхарте кхачарх со паргIатваьккхира Цо,
хIинца сан дахар серлонах дуьзна ду“.
29 И дерриг а Дала адаман дуьхьа деш ду,
кхин шозза, кхузза дукхах а деш,
30 цуьнан са эхарте кхачарх даккхархьама а,
цунна дахаран серло лепийтархьама а.
31 Тидам бе, Аюб, ладогIа ас бохучуьнга.
ХIумма а ма ала, ткъа аса дуьйцур ду.
32 Амма хьайн ала хIума делахь, суна дуьхьал ала.
Вист а хила, хIунда аьлча суна лаьа хьо бехказавоккхийла.
33 Нагахь хьайн ала хIума дацахь, вист а ца хуьлуш Iе,
ас Iамор ду хьуна хьекъале дерг».

## 34

ТIаккха ЭлихIус шен къамел кхидIа а дира:
2 «ЛадогIа, хьекъалчаш, ас бохучуьнга,
шайн лергаш соьга схьадерзаде, кхетам берш,
3 хIунда аьлча лергаша дешнаш къастадо,
матто юучу хIуманан чам къастош санна.
4 Талла а теллина, ваьшна нийса хIун ду къастор вай,
вайна юкъахь диканиг хIун ду девзар вайна.
5 Аюба элира: „Со нийса ву,
амма Дала сан гIуллакх кхеле ца диллира.
6 Со нийса велахь а,
харц лоруш ву со.
Сан бехк боццушехь,
суна йинарг йоьрзур йоцу чов ю“.
7 Хир вуй ткъа Аюб санна волу стаг?
Цо Деле кхардаме хIуманаш, хи молуш санна, дуьйцу,
8 иза харцонаш лелочеран накъосталлехь лела,
цуьнан некъаш Iесачеран некъех дIакхетта.
9 ХIунда аьлча цо боху: „Стагана пайда бац,
Далла тамехь хила иза гIерташ хилча!“
10 Кхетам берш, ладогIа соьга!
Дала харцдерг лело йиш яц,
Ницкъболчо зулам лело а йиш яц.
11 ‡Цо стагана цуьнан гIуллакхашка хьаьжжина ло доггIург,
хIоранна а леларна хьакъ дерг дIало Цо.
12 Бакъ ду: Дала харцонца дерг а ца до,
Ницкъболчо харцкхел а ца йо.
13 Хьан хIоттийна Иза дуьненна Iуналла дан?
Мила ву дерриг а дуьненна тIехь куьйгалла деш верг?
14 Нагахь Цо Шен дог даийтича,
Шен са а, садеIар а Цо юхадаьккхича,
15 эццахь дуьнен тIехь мел долу адам,
хIаллак а хилла, чан хилла дIахIуттур дара.
16 Нагахь санна хьайгахь кхетам белахь,
со а хезаш, ас бохучуьнга ладогIа.
17 Бакъйолу кхел ца езаш верг олаллехь хила йиш юй?
Нийса а, сийлахь а волу Дела бехке ван йиш хир ю хьан?

† *33:11 Аюб 13:27.* †† *33:15 Аюб 4:13.*

‡ *34:11 Забур 61:13.*

[18] Делан паччахье ала йиш ю: „Хьо – сий доцург
ву“,
Цуьнан йиш ю элашка а ала: „Шу – Іесанаш ду“.
[19] Амма Цо баьччанашка озабезам а ца бо,
ткъа хьалдерг къечух а ца къаставо,
хІунда аьлча уьш берриш а Цуьнан куьйгаша
кхоьллина бу.
[20] ЦІеххьана, буьйса юккъе яханчу хенахь, уьш ле.
Массо а инзарваьллачохь а вуьтий, уьш
дІаккхелха.
ПІелг тІе пІелг а тоьхна, Цо ницкъберш дІалохку.
[21] Везачу Элан бІаьргаш адаман некъаш тІехь ду,
Цунна адамо мел боккху ког а го.
[22] Яц дуьнен чохь тоьуш бода болу меттиг,
харцонаш лелораш къайлабовлалур болуш.
[23] Кхин а леррина адам таллар Цунна ца оьшу,
иза Шена хьалха кхеле озадайтархьама.
[24] Таллам боцуш Цо ницкъберш а хьоьший,
церан метта кхинаш дІахІиттабо,
[25] хІунда аьлча Цунна хууш ду цара леладо
гІуллакхаш.
Буьйсанна царна тІехь толам а боккхий, уьш
дІахьоьшу Цо.
[26] Іесачу нахана санна, царна таІзар до Дала,
массо а нахана уьш гуш болчу меттехь,
[27] Шена тІаьхьахІиттинчуьра уьш дІабирзина дела
а,
Шен некъийн цара тидам ца бина дела а.
[28] Уьш бахьана долуш, къечеран узарш Далла
хьалха ду,
ткъа гІело хьоьгучеран узарш а Цунна дІахезаш
ду.
[29] Иза вист а ца хуьлуш Іаш хилча, Цунна хьан
бехк буьллур бу?
Цо Шен юьхь къайлаяьккхина хилча, Иза хьанна
гур ву?
Цхьатерра ву Иза халкъана а, адамна а,
[30] диндоцу стаг паччахь вина дІа а ца хІоттийна,
нахана кІело йиначуьнга царна тІехь куьйгалла
ца дайта.
[31] Цкъа а Деле аьллий ахь: „Со бехке ву,
хІинца чул тІаьхьа ас къинош летор дац.
[32] Суна ца хууш дерг Ахь суна Іамадехьа?
Ас зулам динехь, и саннарг кхин дийр дац“.
[33] Дала деш дерг ахь дІатоттучу хенахь
таІзар даза Иза Іийр ву моьтту хьуна?
Хьо ву сацам бан безарг, со вац.
Ала хІинца хьайна хууш дерг.
[34] Кхетам болчара соьга эр ду,
со хезна волчу хьекъалчо эр ду:
[35] „Хьекъале къамел дац Аюба дийриг,
маьІна долуш хІума дац цо бохург“.
[36] Зуламхоша санна, жоьпаш даларна,
Аюбана кхоччуш таІзар динехьара!
[37] Шен къиношна тІе цо аьрхалла а туху.
Вайна юкъахь деза дешнаш а детташ,
Деле Іеса къамелаш деш ву иза».

## 35

ЭлихІус кхин а дІа дира шен къамел:
[2] «„Далла хьалха со бакъонна тІехь лаьтта“, –
аьлла,
дийцар нийса хетий хьуна?
[3] Ахьа боху: „Суна хІун пайда бу?
Аса къинош ца летийча а, хІун пайда бу?“
[4] Суна луур дара хьуна а,
хьан доттагІашна а жоп дала.
[5] Стигала хьалахьажа, гуш хила!
Лакхахь йолчу мархийн тидам бе!
[6] †Ахьа къа латийча, Далла хІун ду?
Ахьа хьайн вонаш алсамдаьхча, Цунна хІун ду
иза?
[7] Хьо нийса лелча, Цунна хІун ло ахьа?
ХІун кхочу Цунна хьан карара?
[8] Хьан Іесалла хьо санна долчу адамех бен ца
хьакхало,
ткъа хьан нийсо хьо санна волчу стагах бен ца
хьакхало.
[9] Дуккха а йолу гІелонаш ловчу адамаша орца
доккху,
ницкъболчийн куьйгаш кІелара схьахезаш ду
церан узарш.
[10] Амма цхьаммо а ца боху: „Мичахь ву со
кхоьллина Дела,
буьйсанна иллеш ала тхуна ницкъ луш Верг,
[11] лаьттарчу акхаройл а тхан кхетам
алсамбаьккхинарг,
стигаларчу олхазарел а тхан хьекъал
совдаьккхинарг?“
[12] Везачу Эло жоп ца ло орца доккхуш болчарна,
вочу нехан кура дегнаш бахьана долуш.
[13] Эрна ду иза – Дала оцуьнга ла ца дугІу,
Нуьцкъалчу Далла и орца даккхар гуш дац.
[14] Дала мел кІезиг ладугІур ду хьоьга,
Иза хьайна ца го ахь баьхча,
хьайн гІуллакх Цунна хьалха ду,
Цуьнга хьежа деза ахь баьхча.
[15] Хьуна моьтту, Везачу Эло къинош
летош берш таІзар ца деш буьту,
церан къинош Шена ца гуш санна.
[16] Аюба къамелаш дан шен бага еллар эрна ду.
Кхетам боцуш, цо дешнаш дуьйцуш а ду».

## 36

ЭлихІус, кхин а шен къамел дІа а деш, элира:
[2] «Жимма собар де, ас гойтур ду хьуна,
Делан цІарах кхин а хІума ала дезаш хилар.
[3] Ас сайн ойла тайп-тайпанарчу меттигашкара
схьаялор ю,
со Кхоьллинарг нийса хилар ас билггала гойтур
ду.
[4] Бакъду, сан дешнаш харц ца хуьлу.
Кхетам кхоччуш болу со хьоьгахьа ву.
[5] Дела сийлахь ву, ткъа цхьа а дІа ца тотту Цо.
Иза сийлахь ву, Цуьнан кхетам кІорга бу.
[6] Іесаниг Цо дийна ца вуьту,
гІело хьоьгучунна нийса кхел йойту.
[7] Шен лаамехь волчунах бІаьрг ца бадабо Цо,

† *35:6-8 Аюб 22:2, 3.*

ткъа паччахьашка санна цуьнга олалла дойту,
лекхачу даржехь иза хилийтархьама.
8 Нагахь уьш, буржалш а тоьхна,
Iазапехь латтош белахь,
9 Цо дIагойту цара мел лелийнарг а,
дозаллех буьзна уьш хиларна, церан аьрхалла а.
10 ТIехдеттаре ладогIийта церан лергаш дIадоьллу Дала,
иштта шаьш лелочу зуламех дIаберзар царна тIедуьллу Цо.
11 Цуьнга ла а дугIуш, Цунна гIуллакх а деш уьш лелахь,
цара шайн дахаран денош беркатехь дохур ду,
шайн дахаран шераш самукъане дохур ду.
12 Нагахь Цуьнга цара ла ца догIахь,
уьш Iожаллин хих чекхбевр а бу,
кхетам боцурш санна лийр а бу.
13 Даггара дин ца лелочара шайн дегнаш чохь оьгIазалла латтайо,
цара Цуьнга ца кхойкху, Цо шайна буржалш тоьхча а.
14 Уьш къона болчу хенахь церан синош леш ду,
цIуйн дуьхьа вовшашца лелачу божаршна юкъахь.
15 Цуьнан бала хьегарехула пекъар паргIатвоккху Цо,
цуьнан гIело хьегарехула лергаш дIадоьллу Цо.
16 Хьо а ваьккхинера Цо готтачу меттера
цхьа а дуьхьало йоцучу шуьйрачу аренга,
хьуна хьалха токхе шун а хIоттийнера Цо.
17 Амма хIинца Iесачунна догIу таIзарх вуьзна ву хьо,
цунна леринчу кхело а, таIзаро а схьалаьцна хьо.
18 Варелахь, хьоле хьо Iеха ма вайталахь!
Боккхачу кхоэ хьо тила ма вайталахь!
19 Хьайн хьал доккха хиларна
я хьо чIогIа гIерташ хиларна,
баланех кIелхьарвер ву те хьо?
20 Халкъаш цIеххьана меттахдохуш
йолчу буьйсане са ма тийса.
21 Варелахь, вочуьнгахьа ма верзалахь,
хIунда аьлча цунах дIаверзарна
гIело хьоьгуш ма ву хьо.
22 Хьажал, мел боккха бу Делан ницкъ!
Кхин вуй ткъа Цул воккха хьехамча?
23 Цунна хьан гойтур ду Цо дан дезарг?
Хьан эр ду Цуьнга: „Ахьа дийриг зуламе ду“?
24 Иллешкахь наха дуьйцуш долчу Цуьнан
гIуллакхашна хастамаш бан виц ма ло.
25 Уьш массо а адамашна гина ду,
амма стагана геннара бен уьш гина дац.
26 Ма сийлахь ву Дела – Цунах вай кхетар дац.
Цуьнан шерийн терахь вайга таллалур дац.
27 Цо хин тIадамаш Шена схьагулдо,
ткъа, догIа а литтина, царах дохк до.
28 Мархаша шайн тIуналла охьаIанайо,
шортта догIа охьадогIу адамашна тIе.
29 Цхьа а ца кхета, мархаш муха дIасаяржайо Дала,
иштта Шен хIусамна тIера стигал муха къекъайо Цо.
30 Хьажал, Шена гонах Дала стелахаьштиг туху,
ткъа хIордан бух, дIахьулбина, къайлабоккху.
31 Оццу тайпана адамашна кхел йо Цо,
царна шортта кхача а ло Цо.
32 Цо куьйгаца схьаоьцу стелахаьштиг,
цунна мича кхета деза а дуьйцу Цо.
33 Ткъесан гIовгIано хаам бо дарц хьаккхарх,
ткъа бежанашна иза тIедар хууш ду».
ЭлихIус кхидIа а элира:

37 «Цу бахьанина сан дог дегош ду,
меттах а даьлла, сан дог деттало.
2 ЛадогIа стигал къекъарх тера долчу Делан озе,
ладогIа Цуьнан багара схьадолуш долчу оцу озе.
3 Ерриг а стигал кIелахь Цо къоьгуьйту
Шен серло лаьттан йистошка кхаччалц.
4 ТIаккха Делан озо гIовгIа йо.
Шен возаллин озаца Цо гIовгIа йо.
Шен аз хезаш долчу хенахь
стелахаьштигаш а ца сецадо Цо.
5 Тамашийна схьахезаш ду Делан аз,
вайн кхета ницкъ ца кхочу даккхий хIуманаш до Цо.
6 Лоне Цо олу: „Лаьтта тIе охьагIо“,
догIанан йочане: „Сихха охьаэга!“
7 ХIорра а болх бечуьра дIасацаво Цо,
массарна а Ша дийриг дIахаийтархьама.
8 Акхарой дIалечкъийлашна чу а йоьлхий,
шайн баннаш чохь совцу.
9 Къилбехьара йилбазмох хьоькху,
къилбаседехьара шело кхочу.
10 Шен садеIарца Дала ша бойту,
тIаккха хийн шералла чIагIйина дIахIутту.
11 ДогIанан мархаш Цо тIуналлех юзу,
цаьргахула Цо стелахаьштиг даржадо.
12 Цуьнан лаамца массанхьа а мархаш хьийзаш ю,
дерриг а дуьнен тIехь Цо аьлларг кхочуш а деш.
13 Цуьнан лаамца иза массо а кхочушдеш ду,
я лаьттана таIзар дархьама,
я нахана Шен безам гайтархьама.
14 Оцу хIуманийн тидам бехьа, Аюб.
ДIасацахьа, Делан исбаьхьачу гIуллакхашка хьажахьа.
15 Хьуна хаьий, Аюб, Дала мархашна куьйгалла муха до,
Цо ткъес муха къогуьйту?
16 Хаьий хьуна, стигалахь мархаш муха латтало?
Кхетам кхоччуш Болчун тамашийна гIуллакхаш ду уьш.
17 Хьуна тIера бедарш йохлой дIахIуьтту,
къилбехьара бовхачу мохо латта дIатедича.
18 Хьуна хуур дарий, Цунна санна, стигал дIасаяржо,
заьнгалчу цIастанах дина куьзга санна,
иза чIагIдина дIа а хIуттуьйтуш?
19 Дийцахьа тхуна Цуьнга ала дезарг.
Цуьнца дуьйцучу хенахь хIун ала деза,

тхо боданехь дехаш Іаш ма ду.
20 Суна вистхила лаар Цуьнга ала дезий те?
Ша дІакхаьллина хилар стага доьхий те?
21 Леррина малхе хьажа йиш яц,
стигал, мох хьаькхча, дІа а цІанйина,
иза стигалахь сов къегаш хилча.
22 Къилбаседехьара дашо серло схьакхочу,
Далла гонах олаллин нур ду лаьтташ.
23 Ницкъболчух кхета аьтту бац тхан.
Шен ницкъе а, бакъйолу кхел яре а хьаьжжина,
Иза мел воккха ву. Цуьнан нийсо шортта ю.
Цо цхьана а стагана гІело а ца йо.
24 Цундела адамаш Деле болчу ларамах дуьзна хуьлу,
амма шаьш хьекъале лоручийн Цо тидам ца бо».

## Везачу Эло Аюбана жоп далар

38 ЭлихІу вистхилла ваьлча, дарца юккъера Аюбе вистхилира Веза Эла.

## Веза Эла

2 «Сан Іалашонаш хьекъале доцучу
дешнашца кхулуьйтуш верг мила ву?
3 ДІаехка хьайн гІодаюкъ, къонахчо ма-еххкара:
Со хьоьга хаттарш дан воллу, ткъа ахьа Суна жоп ло.
4 Мичахь вара хьо, Аюб, Аса латта дІахІоттош?
Схьаала Соьга, хьайн кхетам цу хІуманна тІекхиънехь.
5 Мила ву цу лаьттан барам нисбинарг? Хьуна-м хууш ма ду иза!
Мила ву цунна тІехула дустаран тІийраг дІасаяржийнарг?
6 Стенна тІе хІоттийна дуьненан бух,
хьан биллина цуьнан са нисбеш буьллуш болу тІулг,
7 дерриг а Іуьйренан седарчаша цхьаьна эшарш лекхначу хенахь,
стигалара гуламан декъашхой сакъералуш хиллачу хенахь?
8 †Лаьттан кийрара хиш аралилхинчу хенахь
хІордана хьалхара кевнаш дІа хьан къевлина?
9 Ас, духар санна, цунна тІе мархаш ехкира,
буькъачу боданна юккъе иза дІа а хьарчош.
10 Ас иштта хІордана доза а къастийра,
цунна хьалха догІа тухуш йолу кевнан неІарш а хІиттош.
11 Ас цуьнга элира: „ХІокху метте кхаччалц схьабогІур бу хьо,
амма кхузара сехьайовла йиш яц хьан курачу тулгІенийн“.
12 Хьан дахарехь ахьа цкъа а Іуьйренна омра диний,
я Іуьйренан цІийяларна цуьнан меттиг дІахІоттийний?
13 Ахь сатасарна шен йистошца латта дІа а лоций,
цунна тІера Іесанаш охьакхисса аьлла, тІедожийний?
14 Іуьйренан цІийяларехь дерриг а латта, мухІарна бухахь поппар санна, хийцало,
лаьттан лакхенаш а, кІоргенаш а, духар санна, гучуйовлий, дІахІуьтту.
15 Сатасаро Іесачу нахана безаш болу бода дІалоцу,
иштта кхечу нахана ницкъбар цаьргара схьадоккху.
16 Хьо кхаьчний хІорд схьаболучу меттигашка?
Хьо леллий, кІоргачу хийн къайленаш а толлуш?
17 Іожаллин кевнаш гайтиний хьуна?
Эхартан кевнаш гиний хьуна?
18 Лаьттан барам стенга кхочу хаьий хьуна?
Схьадийца, и дерриг а хьайна хаахь.
19 Серло ехачу метте муха кхочур ву,
мичахь ду бода чохь Іаш долу цІа?
20 Уьш хила безачу метте дІабигалур буй хьоьга?
Шайн хІусамашка уьш юхадерзоран некъаш девзий хьуна?
21 Хьуна иза хууш хир ду-кх, хІунда аьлча
хьо и хан тІекхачале дуьнен чу ваьлла ву ткъа?
Хьан дахаран денош вуно дукха ду ткъа?
22 Лайн сов йолу хІума дІаюьллучу чуваьллий хьо,
гиний хьуна къора чохь йолу меттиг,
23 Ас халачу заманна лерина латтош йолу,
мостагІа тІелатар я тІом баллалц.
24 Муха кхача веза шена тІера стелахаьштигаш дІасаяьржаш йолчу меттиге
я малхбалехьара мох лаьтта тІехула дІасадаьржаш йолчу меттиге?
25 Хьан доху стигалахь догІанна некъаш,
иштта хьан дохку стигал къекъарца детташ долчу ткъесана некъаш,
26 цаьрга даьссачу лаьтта тІе а,
адам доцучу аренна тІе а догІа даийта,
27 эрна а, яьсса а аре хих Іаборхьама а,
бецашка зІийдагаш тасийтархьама а?
28 Вуй ткъа догІанан да?
Хьан деш ду тхин тІадамаш?
29 Хьенан кийрара араболуш бу ша,
ткъа стигалара йис хьан йо?
30 Хиш а, тІулг санна, чІагІ а лой,
дІахІуьтту, хІорд а тІехулара чІагІло.
31 ††ВорхІ Седа цІе йолчу седарчийн куц хьоьга цхьаьна дехкалур дуй?
Орион цІе йолчу седарчийн куьцан буржалш хьоьга малдалур дуй?
32 Хьоьга арабаккхалур буй шен-шен хеннахь седарчийн гулам,
иштта Нана-ча а, Чен кІорнеш а цІе йолу седарчийн куьцаш лело аьтто хир буй хьан?
33 Хаьий хьуна, стигалийн бакъонаш муха ю?
Цаьрга лаьттана куьйгалла дайталур дуй хьоьга?
34 Мархашка хьайн аз айалур дуй хьоьга,
цигарчу хине хьо верриг а ваша а войтуш?

† *38:8-11 Ярми-ЯхІу 5:22.*

†† *38:31 Аюб 9:9; Іамос 5:8.*

35 Ткъесаш ахьа аьллачу метте дIагIур дуй,
эр дуй цара хьоьга: „Тхо кийча ду“?
36 Мархашна хьекъалалла хьан делла,
дохк муха хила деза, хьан кхетам белла?
37 Мила ву стигалара мархаш ягаръяллал хьекъал долуш а,
уьш агIор а яьхна, догIа даийттал ницкъ болуш а,
38 цул тIаьхьа ченах хатт а хилла,
цу лаьттах гIорзанаш еш верг?
39 Хьо ижуна тIаьхьаволу те нана-лоьман дуьхьа,
мацделла лелачу цуьнан кIорнеш юзорхьама,
40 уьш шайн бен чохь дIатебна Iачу хенахь
я уьш коьллаш юккъехь кIело йина Iачу хенахь?
41 Хьан кечйо хьаргIанна юург,
цуьнан кIорнеш Деле кхойкхуш,
юург ца карош лелачу хенахь?»
Везачу Эло кхидIа а элира:
39 «Хьуна хаьий, ламанан гезарша буьхьигаш ян еза хан,
сено кIорнеш еш гиний хьуна?
2 Хьуна хаьий, цара маса баттахь шайн кIорнеш кийрахь лелайо?
Хьуна хаьий, цара уьш маца ян еза?
3 Шайн кIорнеш ечу хенахь, уьш охьатаьIа,
иштта шайн кIорнеш дуьнен чу йоху.
4 Церан бераш, аренгахь дакхкий а хуьлий,
тIаккха, кхин цкъа а юха ца догIуш, дIадоьлху.
5 ПаргIатоне кхача хьан дIахецна акха вир,
цунна тIера буржал хьан дIадаьккхина?
6 Ас эрначу аренах цуьнан цIа дина,
дуьрачу аренах цуьнан хIусам йина.
7 Иза йоьлу дукха адам чохь долчу гIалин гIовгIанах,
цунна ца хеза гурманчас еш йолу хичаш.
8 Гунаш тIехула йолалой, шена юург лоху цо,
баьццара мел йолчу хIуманна тIаьхьаяьлла лела иза.
9 Ахьа бохург дан луур дуй те акхачу старана,
буьйса йоккхур юй те цо хьан хьаьвданна уллохь?
10 Хершнаш даха муьшаца хьоьга дIабехкалур буй акха сту,
хьуна тIаьхьара мекха боккхур буй цо хьан кха тIехь?
11 Цуьнан боккхачу ницкъана цунах тешна Iийр вуй хьо?
ЧIогIа къахьегар цунна тIедилла ваьхьар вуй хьо?
12 Цуьнга ялта схьа а гулдайтина,
хьаьтта схьадаийта ваьхьар вуй хьо?
13 Страус олучу олхазаран тIемаш сакъерадаларца дIасадеттало,
амма чIерийдохурган месашца уьш дусталур дац.
14 Страусо шен хIоаш лаьтта тIехь дуьту,
уьш гIамар тIехь дохдалийта.
15 Цунна дага ца догIу царна тIе цхьаммо ког боккхург хилар а,
я акхароша уьш дохорг хилар а.
16 Страус къиза ду шен кIорнешца,
цунна уьш хийра долуш санна хета,
шен къахьегар эрна хиларх а ца кхоьру иза.
17 Ас хьекъалалла цунах генадаьккхина,
иштта цунна кхетам а ца белла.
18 Амма ша дада дагахь хьалаайделча,
иза беречух а, говрах а доьлу.
19 Аюб, ахьа белла те говрана ницкъ?
Цуьнан вортана ахьа йина те кхес?
20 Ахьа и говр, цIоз санна, кхийсайолуьйту те,
ша чIогIа хур дарца адам кхера а деш?
21 Говр, лаьттах ког а бетташ, ша-шех самукъадолуш хуьлу.
Иза шен ницкъ ма-хуьллу тIамтIе хьаьдда йоьду.
22 Иза кхерамах йоьлуш хуьлу,
цхьаннах а ца кхоьруш хуьлу,
ткъа туьрах иза дIа ца къехка.
23 Iад-ботт ду цуьнан агIонна тIехь декаш,
къегаш ду *гоьмукъ* а, цамза а,
24 шен чуьраяларца цо лаьттах ка етта,
ткъа, коьман маIан аз хезча, иза цхьана меттехь ца сацало.
25 Шена коьман маIан аз хезча, говр терса,
геннара хаало цунна тIом болу меттиг а,
тIемалойн хьаькамийн аз а, тIеман цIогIа а.
26 Хьан хьекъалаллица лела те куьйра,
шен тIемаш къилбехьарчу мохана дуьхьал а дерзийна?
27 Ахьа аьлла те аьрзуне стигала лакха хьалаяала,
лекхачу лаьмнашкахь шен бен а бе?
28 Тархашна юкъахь цо буьйса йоккху,
ирачу тархех цо шен гIап а йо.
29 Цигара шена ижу лоху цо, хIума яархьама.
Геннара схьахьоьжу цуьнан бIаьргаш а.
30 †Цуьнан кIорнеша цIий молу,
байинчеран декъий долчохь а иза хуьлу».
31 ТIаккха Веза Эла кхин а вистхилира Аюбе:
32 «Нуьцкъалчуьнца къуьйсуш волчо Иза нисвийр вуй те?
Дела бехке вечо жоп лойла Цунна!»

### Аюб

33 Юха Аюба Везачу Элана жоп делира:
34 «Со хьакъ вац – Хьуна жоп дала муха ваьхьар вара со?
Сайн юьхь тIе куьг дуьллу ас, сайн багара дош ца далийтархьама.
35 Юх-юха а со вистхуьлуш велахь а,
сан кхин жоп а дац, кхин хIумма а ас дуьйцур дац».

### Веза Эла

40 Везачу Эло Аюбе, дарцана юккъера схьа вист а хилла, элира:
2 «Хьайн гIодаюкъ, къонахчо санна, дIаехка:

† *39:30 Маттай 24:28; Лака 17:37.*

Ас хаттарш дийр ду хьоьга, ткъа ахьа Суна жоп ло.
3 Хьо Сан кхел яр харцдан воллу,
хьо бехказавалархьама, Со бехке а веш?
4 Хьан дуй ткъа Делан санна нуьцкъала куьг,
Цуьнан санна долчу озаца хьоьга къекъалур дуй?
5 ТӀаккха возаллица а, юьхькӀамца а хазло,
иштта сий а, исбаьхьалла а хьайна тӀедуха.
6 Хьайн чӀогӀа йолу дералла дӀа а хеца,
курачуьнга дӀа а хьажий, иза охьатаӀаве.
7 Массо а курачаьрга дӀа а хьажий,
уьш юьхьӀаьржачу хӀиттабе,
шаьш мел лаьттачу меттигашкахь
Ӏеса нах дӀа а хьаша.
8 Уьш лаьттах а бохкий,
боданечу эхарта чу йийсаре дӀабига.
9 ТӀаккха Ас-Айса хьуна хьалха даре дийр ду
хьан аьтту куьйго хьо кӀелхьарвоккхург хилар.
10 ХӀинца бегемотах лаьцна дуьйцур ду Аса.
И доккха дийнат, хьо санна, Аса дина ду.
Цо буц йоу, стеро санна.
11 Шен гӀогӀашкахь ма ницкъ болуш ю иза!
Цуьнан гайна тӀехь долу пхенаш ма чӀогӀа ду!
12 Цуьнан цӀога, *баганан дитт* санна, чӀогӀа ду,
ткъа пхенаш цуьнан хенаш тӀехь
вовшахъхьирчина ду.
13 Цуьнан когийн даьӀахкаш цӀестан турбанаш санна ю,
цуьнан пӀендарш аьчка гӀожмаш санна ду.
14 Иза Аса кхоьллинчарна юкъахь уггар ницкъ болуш ю.
Сайн туьраца иза кхоьллинчу Соьга бен иза эшалур яц.
15 Цунна лаьмнаша ло кхача,
циггахь ловзуш лелаш ду аренан акхарой.
16 Коканийн коьллашна кӀел Ӏуьллу иза,
уьшалийн шач юкъахь дӀалечкъа.
17 Оцу коьллаша шайн ӀиндагӀа кӀел иза дӀалачкъайо,
хина йистерачу дак-дитташа цунна го бо.
18 Хи къиза лелачу хенахь, иза цунах ца къехка.
Йордан-хи шен бета тӀе деача а, иза синтемехь ю.
19 Цуьнан бӀаьргашна хьалха а хӀоьттина,
цуьнан мерах мӀара хьаьнга чекхбаккхалур бара?
20 †МӀераца Левиятан цӀе йолу саьрмик хьалабаккхалур барий хьоьга,
муьшаца оцу саьрмикан мотт дӀабехкалур барий?
21 Цуьнан мерӀуьргахула тӀийраг чекхъяккхалур ярий хьоьга,
я мехаца мочхалх Ӏуьрг даккхалур дарий?
22 Цо хьоьга юх-юха а дехарш дийр дуй те?
Иза хьоьга эсалчу дешнашца бистхир буй те?
23 Гуттаренна а хьан лай хила,
цо хьоьца барт бийр буй те?
24 Олхазарца санна, цуьнца ловзуш хир ву хьо?
Хьайн гӀарбашийн дуьхьа иза дӀабоьхкур бу ахь?
25 ЧӀерийлецархоша, хьоьца мах а бийцина,
хьоьгара оьцур бу иза?
Цара, нахана дӀабохкийтархьама, совдегаршна юкъахь боькъур бу иза?
26 Цуьнан цӀока хьоьга гоьмукъех юзалур ярий
я цуьнан коьртах чаьнчакх †† чекхъяккхалур ярий?
27 Нагахь санна хьайн куьг цунна тӀе ахь диллахь,
и тӀом хьуна, иштта кхин ца леллал, дага боуьйтур а бу».
Везачу Эло кхидӀа а элира:

41 «Левиятан караӀамо хьан сатийсам харц хир бу!
Иза цкъа схьахьаьжча а, хьо охьавужур ву.
2 Иза меттахъхьабан ваьхьар волуш цхьа а вац.
ТӀаккха Сан юьхь-дуьхьал хӀотта мила ву?
3 Соьга декхар такхийта Суна хьалха мила хӀуттур вара?
Массо а стигална бухахь мел дерг Сан ду.
4 Цуьнан меженех лаьцна ца олуш Ӏийр вац Со,
иштта цо динчу сийлахь гӀуллакхех а,
схьахьаьжча, цуьнан кеп товш хиларх а.
5 Цунна тӀера бедар хьаьнга схьаяккхалур ю?
Цуьнан шалхачу гӀаьгӀна хьаьнга хӀума Ӏотталур ю?
6 Хьан хьалагӀаттор ю цуьнан бага?
Гонах йолчу цуьнан цергаша Ӏадаво.
7 Цуьнан букъ тӀехь турсийн могӀарш ду,
готтачу мухӀаро вовшахтоьхна долу.
8 Уьш юх-юххехь духкуш ду,
царна юккъехула хӀаваъ а чекхдер дац.
9 Цхьаъ вукхунна улло таьӀна ду,
дӀаса ца деккъал вовшахтоьхна.
10 Цо хьоршам тоьхча, ткъес тоьхча санна хета,
цуьнан бӀаьргаш сатасаран зӀаьнарш санна лепа.
11 Цуьнан багара араюьйлуш цӀе ю,
суйнаш дӀаса а детташ.
12 Цуьнан мерӀуьргашкахула кӀур арабуьйлу,
кхехкаш болчу яй чуьра Ӏаь ма-яллара.
13 Цуьнан садеӀаро кӀоранах а цӀе тосу,
ткъа багара араккхуьйсуш цӀеран алунаш ю.
14 Цуьнан вортанехь боккха ницкъ бу,
и къемате хиларо стаг Ӏадаво.
15 Цуьнан дилханан хершнаш готта дӀатоьхна ду.
Уьш меттах ца долу лалийна эчиг санна ду.
16 ТӀулг санна долу цуьнан дог кхерамбоцуш ду,
иза, хьеран бухалара кохьар санна, чӀогӀа ду.
17 Иза хьалагӀоттучу хенахь турпалхой а Ӏадабо,
дог доьхна а болуш, уьш цунах юхабоьрзу.
18 Цунна тӀе тоьхна долу тур латталур дац,
гоьмукъо я цамзано, я пхаро цунна зен дийр дац.
19 Эчиг цунна ча санна кӀеда ду моьтту,
цӀаста цунна мурйоьлла дечиг санна хета.
20 Иза секхаӀодан пхерчех дӀа ца боду,
ткъа ширдолаган тӀулгаш цунна кегаш санна ду.
21 Шена чхьонкар кхетча, чамхалг

† 40:20 *Забур 73:14; 103:26; ЕшаӀ-ЯхӀу 27:1.*

†† *Чаьнчакх *– иза даккхий чӀерий лоьцуш, царна тухуш болу ира цхьамза бу.**

Iоттаелча санна хета цунна,
ткъа гоьмукъ кхетча иза боьлу.
22 Цуьнан гай кхийрачу пхьегIийн ира геригаш йолуш санна ду,
сазз тIехула иза лелча, цуьнан лар, мекха такхийча санна, хуьлу.
23 Хин кIорге цо, яй санна, кхоьхкуьйту,
хIорд, молханийн чорпа санна, дIахIоттабо.
24 Цо шена тIаьхьа къегаш йолу лараш юьту,
хин кIоргенна тIехь къежбелла корта санна хилар хоьтуьйтуш.
25 Оцу экхане нислуш кхин цхьа а экха дац,
цунна кхерам бохург хIун ду а ца хаьа.
26 Иза майрра хьоьжу массо а дегалчу экханашка,
массо а курачу акхарошна тIехь иза паччахь ду».

### Аюб

42 Аюба иштта жоп делира Везачу Элана:
2 «Суна хууш ду, Веза Эла, Хьайна луъург Хьан дан йиш юйла а,
Ахьа дан леринарг цхьаьнгге а сацалур доцийла а.
3 †Ахь хаьттира: „Мила ву Сан Iалашонаш
хьекъале доцучу дешнашца кхулуьйтуш верг?“
Бакъду, со ца кхеташ долчу хIуманех лаьцна,
сайна а ца хаъал дукха хала долчух лаьцна дуьйцура ас.
4 ††Ахь элира: „Соьга ладогIа, Со вистхир ву.
Со хьоьга хаттарш дан воллу, ткъа ахьа Суна жоп ло“.
5 Суна Хьох лаьцна хьалха дуьйцуш хезнера,
ткъа хIинца сайн бIаьргашца гина Хьо суна.
6 ХIинца со айса аьллачунна дохковаьлла,
цундела ченашна а, овкъаршна юккъе а хиъна Iаш ву».

### Чаккхе

7 Аюбе Шен къамел дина Ша ваьлча, Веза Эла
теманхо волчу Элипазе вистхилира: «Со хьуна а,
шина доттагIчунна а чIогIа оьгIазвахана, аша Сох
лаьцна Сан ялхо волчу Аюба санна нийса дерг ца
аьлла дела. 8 Цундела, ворхI сту а, ворхI уьстагI а
схьа а эций, Аюб волчу гIо. Цигахь царна урс а
хьаккхий, шайна тIера дагоран сагIа даккха. Сан
ялхо волчу Аюба шуна тIера доIа дийр ду, хIунда
аьлча цуьнгара долу доIа бен Ас тIеоьцур дац. Сан
ялхо волчу Аюба санна, аша Сох лаьцна нийса дерг
ца алахь а, шуна догIучу тайпана таIзар дийр дац
Аса».
9 ТIаккха теманхо волчу Элипаза а, шуахьахо
волчу Билдада а, иштта наIматхо волчу Цупара а,
бахана, Везачу Эло шайга аьлларг дира. Везачу Эло
Аюбан доIа тIеийцира.
10 ‡Шен доттагIашна тIера Аюба доIа дича, Везачу
Эло цунна беркат юхадерзийра. Цуьнан хиллачул а
шозза дукха бахам белира цунна Везачу Эло. 11 Аюб
волчу схьагулбелира берриг а цуьнан вежарий а,
йижарий а, берриг а цуьнан хьалха хилла болу
доттагIий а. Иза волчохь тойнехь Iийра уьш, цунах
къинхетамаш беш, цуьнан дог а хьостуш, Везачу
Эло цунна тIе мел еана хилла халонаш бахьана
долуш. Цара хIораммо а цунна цхьацца цуьрг дети
а, дашо хIоз а белира.
12 Везачу Эло цуьнан дIаяьллачу заманал а чIогIа
декъалдира цуьнан дисна дахар. ХIинца цуьнан
бейтта эзар уьстагI а, газа а яра, ялх эзар эмкал а
яра, цхьа эзар шуьста а бара, иштта цхьа эзар
виркхела а яра. 13 Цуьнан ворхI кIант а, кхо йоI а
яра. 14 Хьалхарчу йоIан цIе Ямимат ‡† тиллира цо,
шолгIачун цIе КъациIат ‡‡ тиллира, ткъа
кхозлагIчун цIе Къарин-ХIапух ‡‡† тиллира. 15 Дерриг
а лаьтта тIехь бацара Аюбан зудаберел хаза
зударий. Аюба, шен бахамах дакъош а дина,
кIенташна санна, зудаберашна а дIасадийкъира
уьш.
16 Цул тIаьхьа кхин а бIе шовзткъа шарахь вехира
Аюб, цунна шен берийн бераш а, берийн берийн
бераш а гира, доьалгIачу гаранна тIекхаччалц.
17 ТIаккха Аюб, къан а велла, шен оьмар дуккха а
денойх а юьзна, велира.

† *42:3 Аюб 38:2.* †† *42:4 Аюб 38:3.*

‡ *42:10 Аюб 1:1-3.* ‡† *Ямимат *– иза «кхокха» бохург ду.** ‡‡ *КъациIат *– иза «духIи» бохург ду.** ‡‡† *Къарин-ХIапух *– иза «хаздаран гIутакх» бохург ду.**

# Забур

## Дешхьалхе

Делан Йозанийн тептаршна юкъахь цIе йолу тептар – назманаш а, доIанаш а долу тептар ду. Дуккха а хенахь и назманаш а, доIанаш а дохура тайп-тайпанчу яздархоша. Исраилхоша уьш, гул а дина, Далла Iамалъечу хенахь леладора. Эххар а цара гулдинарг Делан Йозанашна чудеара.
И динан байташ тайп-тайпана хуьлу: Далла хастам баран назманаш хуьлу, гIо а, лардар а, кIелхьардахар а доьхуш долу доIанаш хуьлу, шайна чохь гечдар доьху байташ хуьлу, Дала динчу диканна Далла баркалла аларан иллеш хуьлу, иштта, мостагIашна таIзар даран дехарш хуьлу. Тептаран доIанашна юкъахь цхьана стага а, къомо а дина доIанаш хуьлу. Цхьадолчу доIанашкахь цхьана стеган уггар кIорга ойланаш гучуйохуш ю, ткъа кхидолу доIанаш Делан массо а халкъан долу хьаштех а, ойланех а лаьцна ду.
Цхьадолчу назманашна тIехь хIора аятан хьалхарчу дешан хьалхара элп нохчийн абатан рогIехь хуьлу. «Акростик» цIе йолчу оцу кепо, абат кхачаме хиларе терра, байтийн кхачамалла гойту.
тIера назманаш Iийсас Шен хьехамашкахь ялош хилла, Инжилан яздархоша а пайда оьцура царах. Ткъа Iийсах тешначийн динан гуламаша, шаьш Далла Iибадат дечу хенахь, чIогIа еза лору уьш.

## Хьалхара тептар

*(Забур 1–40)*

### Бакъдолу декъалалла

1 Декъала ву зуламхойн хьехамашца лелаш воцу стаг,
къинош летийна болчарна тIаьхьа ца хIуттуш верг,
кхаьрдаш болчарах дIа ца кхетарг!
2 Амма уггар а декъала ву Везачу Элан товрат-хьехамаш кхочушбарх дагна там хуьлуш верг,
царах лаьцна дийнахь а, буса а ойланаш еш волу стаг!
3 †Ву иза доьдучу хин йистехь доьгIна дитт санна,
шен хенахь стом а ло цо,
гIа а маргIал ца дулу цуьнан,
ша мел дечунна тIехь аьтто а хуьлу цуьнан.
4 Зуламаш дечеран гIуллакхаш иштта ца хуьлу!
Уьш мохо дIасахьоькху чан санна ма бу.
5 Цундела зуламе гIуллакхаш дечеран
Делан кхелана хьалха дIахIуттийла дац.
Къинош летораш а хилалур бац
Делан лаамехь болчеран гуламехь.
6 ХIунда аьлча Шен лаамехь болчеран некъ Везачу Эло ларбо,
ткъа зуламе гIуллакхаш лелочеран некъо уьш шаьш хIаллакбо.

### Дала къобалвина паччахь

2 ††Хийрачу мехкашкара нах карзах хIунда буьйлу?
Цахиндерг халкъаша дага хIунда лаьцна?
2 Дуьненан паччахьаш цхьаьнакхеташ бу,
лаьттан куьйгалхой вовшех дагабуьйлуш бу,
Везачу Элана дуьхьал а бевлла,
Цо къобалвинчунна новкъарло йо цара.
3 Цара боху: «Хедийна, дIадохур вай ваьшна тIера церан буржалш,
церан олаллех паргIатдевр вай!»
4 Амма стигалара Дела воьлуш ву цу адамех,
Хьалдолчу Эло сийсазбохуш бу уьш.
5 ТIаккха Шен дераллица уьш чIогIа кхерийна,
Цо, оьгIаз а вахана, цаьрга дIахьедийр ду:
6 «Ас къобалвина Сайн паччахь Цийон-лам тIехь,
Сайн безачу лам тIехь».
7 ‡
Везачу Эло билгалдаьккхинарг дIакхайкхор ду оцу паччахьо,
Цо аьлларг иштта ду:
«Хьо Сан кIант ву,
тахана Хьан Да хили Сох.
8 Деха соьга, тIаккха Ас лур ду хьуна тIаьхьалонна халкъаш а,

† 1:3 Ярми-ЯхIу 17:8.

†† 2:1, 2 Векалийн 4:25, 26. ‡ 2:7 Векалийн 13:33; Iебархошка 1:5; 5:5.

хьан долахь хилийта дерриг а латта а, цуьнан
йистошка кхаччалц.
9 †Ахь эгор ду и халкъаш аьчкан гIожаца,
отур ду уьш, кхийра пхьегIа санна».
10 Кхетийша, паччахьаш!
Iамийша, дуьненан куьйгалхой!
11 Везачу Элана Iамалъейша кхерарца,
даккхийдейша шайн дегнаш дегорца!
12 Ларийша кIант, Иза оьгIаз ца вахийтархьама а,
шаьш хIаллак ца дайтархьама а шайн новкъахь.
Цуьнан оьгIазвахар цIеххьана чIагIлур ду.
Декъала бу Цуьнга шаьш ларбойтурш массо а!

## ГIо дехарх долу доIа

3 ††Дауда шен кIантах Абушаламах ша ведда
лелла хан дагайоуьйту назма.
2 Веза Эла! Ма дебна сан мостагIий!
Дукххаберш суна дуьхьал гIевттина.
3 Цара сох лаьцна олу:
«Делера кIелхьарвалар хир дац цунна».
4 Амма Ахьа, Веза Эла, *турсо* санна, со ларво.
Хьо ду Сан дозалла,
Ахь ойу сан сий!
5 Ас доггах кхойкху Везачу Эле,
Шен безачу лам тIера Цо жоп ло суна.
6 Со вуьжу, наб йо ас,
гIотту со, Везачу Эло со ларвойла а хууш.
7 Сайна го бинчу эзарнаш мостагIех
кхералур вац со.
8 ГIаттахьа, Веза Эла!
Ваккхахьа со кIелхьара, сан Дела!
Ахь сан мостагIийн яххьаш йоха ма йо,
зуламе гIуллакхаш дечеран цергаш ма оту.
9 Везачу Элера ду *кIелхьардовлар*.
Хьан халкъана тIехь хуьлийла Хьан декъалдар.

## ГIо доьхуш дина доIа

4 Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга:
Даудан хIара назма мерз-пондаршца лакха
езаш ю.
2 Сан дог Хьоьга кхойкхучу хенахь,
дIахазахьа со, сан бакъволу Дела.
Хала киртиг тIехIоьттича,
Ахь гIо дора суна,
хIинца а хилахьа соьца дика,
сан доIанна жоп лохьа.
3 ХIай нах! Мел дукха Iан дохку шу,
Со сийсаз а веш?
Эрна хIуманаш а дезаш,
харцдерг а лоьхуш,
мел лела дохку шу?
4 Хаалаш, Везачу Эло къастийна Шена тешаме
берш.
Цундела со Шега кхойкхуш хезаш ву Иза.
5 ‡Шаьш дарделлачу хенахь
къинош ма летадойла аша.
Цунах лаьцна кIоргге ойланаш аша елаш,
шайн меттахь дIатийна шаьш Iачу хенахь.
6 Везачу Элана лерина нийса сагIанаш цIеначу
даггара дахалаш,
Цунах тешна хилалаш.
7 Дукха наха хоьтту: «Хьан гойтур ю вайна
дикалла?»
Хьан юьхь тIера серло тхуна лепийла, Веза Эла!
8 Сан дог а дузуш, Ахь суна делла ирс
церан чул дукха ма ду,
кIа а, чагIар а
церан шортта делахь а.
9 Меттахь Iуьллучу хенахь паргIат наб йо ас, Веза
Эла.
Хьо воцучо цхьаммо а кхерам боцуш в�ха ца
вуьту со.

## Ларвар доьху доIа

5 Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга:
Даудан хIара назма шедагашца лакха еза.
2 Сан дешнаш дIахазахьа, Веза Эла,
тергам бехьа сан узарийн.
3 ЛадогIахьа, сан Паччахь волу Дела,
аса доккхучу орцане.
Хьоьга деш ма ду аса сайн доIанаш.
4 Iуьйранна Хьуна хьалха сайн дехарш охьадохку
ас,
Хьоьгара сайна жоп даре са а туьйсуш.
5 Хьо зулам хаза ца хета Дела ма ву.
Харцонаш еш берш Хьо волчохь бехар бац.
6 Курачу нахана меттиг яц Хьуна юххехь,
цхьа а зуламхо Хьуна ца веза.
7 Харцлуьйраш хIаллакбо Ахь.
Ца беза Хьуна, Дела, цIий Iенош берш а,
мекарлонаш лелораш а.
8 Ткъа со, Хьан хедар боцу безам бахьана долуш,
Хьан цIа чу вер ву,
гора а хIоьттина, Хьан дезачу цIа чохь Хьох
кхоьруш лаьттар ву.
9 Ва Веза Эла! Лелавехьа со Хьайн бакъболчу
новкъахула,
дуьхьалбевлла мостагIий сан болу дела.
Нисбехьа Хьайна тIебоьду сан некъ.
10 ‡†Цара дуьйцург цхьа а бакъ дац!
Церан дегнаш хIаллакдаран лаамех дуьзна ду,
церан къамкъаргаш дIаделладелла кешнаш санна
ю,
шайн мекарчу маттаца ямартло йо цара.
11 Дела, ларахьа уьш бехке!
Шаьш йина харцонаш шайна дуьхьал ерзийла
царна.
И харцонаш мел лелораш дIабахахьа Ахьа, Дела,
Хьайна дуьхьал уьш бовларна.
12 Баккхийбеш хир ма бу Ахьа шаьш лардаре
сатийсинарш.
Цара даим хазахетарца иллеш лоькхийла.

† *2:9 Довзийтинарг 2:26, 27; 12:5; 19:15.* †† *3:1 Дауд 15:13–17:22.* ‡ *4:5 Эпасхошка 4:26.*

‡† *5:10 Римхошка 3:13.*

Ткъа Ахьа ларбехьа уьш.
Хьо везарш самукъане хуьлийла,
Ахьа мел дийриг бахьана долуш.
13 Ахь декъалво, Веза Эла, Хьайн лаамехь верг.
Хьан безамо иза, турсо санна, ларво.

### Хало тIееача дина доIа

6 †Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга: Даудан хIара назма бархI мерз болчу пондарца ала еза.
2 ТIех ма деттахьа суна, Веза Эла, Хьо оьгIазвахханчохь.
ТаIзар ма дехьа суна Хьо дарвеллачохь.
3 Веза Эла, къинхетаме хилахьа соьца, со гIел ма велла.
Сан даьIахкашка зуз догIу, товехьа со.
4 Дог а ду сан, чIогIа гIайгIане доьжна.
Мел Iан деза те сан Хьоьга сатуьйсуш?
5 Юха а валий, Веза Эла, паргIатдаккхахьа сан са!
Хьайн хедар боцучу безаман дуьхьа кIелхьарваккхахьа со.
6 ХIунда аьлча эхартехь Хьо цхьанна а дагавогIур вац,
веллачо Хьуна хастамаш а бийр бац.
7 Аса дечу узарша со гIел а во,
дIавуьжу мотт аса сайн бIаьрхишца бус-буса тIун а бо.
Сан велхаро со вуьжу мотт а башийна.
8 ГIайгIанехь хиларна сан бIаьргаш гIелделла.
МостагIий бахьанехь уьш телхина догIу.
9 ††ДIадовла уллора, харцонаш лелораш,
хIунда аьлча дIахезна Везачу Элана сан велхаран узарш.
10 Со Шега кхайкхар дIа а хезна,
сан доIанна жоп лур ду Везачу Эло.
11 Кхерийна а, эхь хетийтина а хир бу сан массо а мостагIий.
ЦIеххьана юха а бирзина, юьхьIаьржачу хIуттур бу уьш.

### Нийсо йоьху доIа

7 Бен-Яманан тIаьхьенах волчу Хушин гIуллакх бахьана долуш Дауда Везачу Элана аьлла тийжаме назма ‡.
2 Сан Веза Дела! Ахьа со ларвар лоьху ас.
Массо а суна тIаьхьабевллачех кIелхьара а ваккхий,
Ахьа паргIатваккхахьа со,
3 хIунда аьлча, лоьмо санна, со хьаьшна, сан са доккхур ду цара,
кIелхьарвоккхург суна уллохь воцучу хенахь.
4 Сан Веза Дела! Нагахь соьгара цхьа хIума даьллехь,
я сан куьйго къа латийнехь,
5 нагахь аса сайца машарехь Iаш волчунна зе динехь,
я сан мостагIчунна, бехк а боцуш, со бахьана долуш ницкъ хиллехь,
6 мостагIчо, суна тIе а кхиъна,
схьа а лаьцна,
лаьттахь сан са а хьаьшна,
сох чан а йина, вуьтийла со.
7 Валахьа, Веза Эла, Хьайн оьгIазаллица дуьхьал,
и оьгIазалла сан мостагIийн дераллина дуьхьал а йоккхуш.
Самавалахьа, Сан Дела,
меттахIоттаехьа нийсо.
8 Массо а халкъаш Хьайна гонах а гулдай,
Хьо волчу лакхахь царна тIехь Куьйгалхо хилахь.
9 Везачу Эло йо халкъашна тIехь кхел.
Со бакъхиларе хьаьжжина, ехьа, Веза Эла, суна кхел.
Сан дог а цIена ма ду.
10 ‡†Адамийн хьекъал а девза Хьуна,
дегнаш а чекх го Хьуна,
тхан бакъволу Дела.
Зуламхойн зенаш а сацадехьа Ахь,
ткъа Хьайн лаамехь берш чIагI а бехьа.
11 Со ларвеш долу *турс* ду Дела,
догцIена берш кIелхьарбоху Цо.
12 Дела бакъонца кхел Йийриг ву.
ХIора дийнахь зуламхошна кхел кхайкхош ву Иза.
13 Нагахь ишттачех цхьаъ Шегахьа ца верзахь,
Цо, Шен тур а ирдой,
Шен Iад а дулий,
уьш цунна тIе хьажадо.
14 Iожалла тIейоуьйту Цо, Шен гIирс схьа а оьций,
Шен догу пхерчий цунна тIехьажадо.
15 Шен даг чохь зуламаш кхоьллинчо,
кхечарна вон болх хила луучо
ша-шена харцо кхуллу.
16 Кхечунна ор доккхург
ша оцу ор чу вужур ву.
17 Ша кхоьллина баланаш цунна тIе юхабоьрзур бу,
цо дина зулам а цуьнан шен коьртах кхетар ду.
18 Ас хастам бо Везачу Элана
Иза бакъ хиларна.
Веза Воккхачу Элан цIеран сийнна
йиш а локху аса.

### Делан сийлалла а, адаман сий а

8 Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга: Даудан хIара назма Гати-гIалара схьаяьллачу эшаран мукъам балош болчу гIирсаца ала еза.
2 Ва Веза Эла! Тхан Хьалдолу Эла!
Ма сийлахь ю Хьан цIе дерриге а лаьтта тIехь!
Стигалшкахь дIахIоьттина ду Хьан сий!
3 ‡‡Кегийчу берийн а, декхаш долчу берийн а багахула.

---

† 6:1 Забур 37:2. †† 6:9 Маттай 7:23; Лака 13:27. ‡ *Тийжаме назма *– Iебархойн маттахь: *шигаюн. *Цу дешан маьIна билггала хууш дац.**

‡† *7:10 Довзийтинарг 2:23.* ‡‡ *8:3 Маттай 21:16.*

ГIап дIахIоттийра Ахьа †, Хьайн мостагIий бахьана долуш.
Хьуна дуьхьалбевлларш а, бекхам бийраш а дIасовцорхьама дира Ахьа иза.
4 Ахь кхоьллинчу стигалшка со хьалахьаьжча,
цу тIехь Ахь шен-шен метте дIахIиттийна буттий, седарчий го суна.
5 ††Стаг мила ву, Хьан цуьнан бала кхача?
Адаман кIант мила ву, Ахьа цуьнан гIайгIа бан?
6 Стигалийн гуламан декъашхойл
дукха лах ца дина Ахь адам,
сийлаллин *таж* а делла, вазвина Ахь иза.
7 ‡Ахь адам олалла дан дIахIоттийна
Айхьа кхоьллинчу массо а хIуманна тIехь.
Ахь адаман когашка диллина доллу хIума а:
8 уьстагIий а, бежанаш а, иштта акхарой а,
9 стигалара олхазарш а,
хIорда чуьра чIерий а,
хIорда чохь мел лела садолу хIума а.
10 Ва Веза Эла! Тхан Хьалдолу Эла!
Ма сийлахь ю Хьан цIе дерриге а латта тIехь!

## Делан нийсо

9 ‡† Эшарш локкхучу тобанан куьйгалхочуьнга: «КIант валар» олучу эшаран мукъамехь лакха еза. Дауда язйина назма ю иза.
2 Веза Эла, сайн дерриг а даггара ас Хьуна хастамаш бийр бу,
Хьан массо а тамашийна гIуллакхаш аса дIакхайкхор ду.
3 Ахьа мел дийриг бахьана долуш, хазахеташ а, воккхавеш а со хир ву.
Веза Воккха Дела, Хьан цIарна лерина иллеш ас эр ду.
4 Сан мостагIий дIабоьрзучу хенахь,
Хьуна хьалха охьа а оьгий, хIаллакьхуьлу.
5 Сан гIуллакхна тIехь Ахь нийсонца кхел яйтира.
Бакъволу Кхелахо волу Хьо Хьайн Iарша тIе охьахиира.
6 Кхидолу къаьмнаш Ахьа бехкедира,
Iесанаш Ахьа хIаллакбира,
абаденналц церан цIераш а дIаяйира.
7 МостагIий Ахьа кхаьллина дIабехи.
Церан гIаланаш а Ахь хIаллакйина дIаехи,
царах болу дагалацам а цаьрца цхьаьна дIабели.
8 Ткъа Везачу Эло массо а хенахь олалла дийр ду.
Цо Шен Iарш кхел ярна кечйина ю.
9 Цо дуьненна нийсонца кхел йо,
халкъашна тIехь а Цо бакъонца иза йо.
10 ГIело йиначарна Веза Эла гIап санна а ву,
баланаш тIехIиттинчу заманахь тIетовжа меттиг а ю.
11 Хьан цIе шайна евзинарш Хьуна тIетевжа,
хIунда аьлча, Веза Эла, Хьо лоьхурш Ахьа дIатесна ца буьту.
12 Цийон-лома тIера олалла дечу Везачу Элана ала аша иллеш.
Къаьмнашна юкъахь дIакхайкхаде аша Цуьнан гIуллакхаш.
13 ЧIир йоьккхуш волчу Цо
гIело хьоьгучеран узарш диц ца до.
Цо уьш дагахь а латтабо.
14 Веза Эла, Ахьа сох къинхетам бехьа,
со цавезачаьргахьара аса хьоьгучу баланашка хьажахьа.
Iожаллин кевнера со хьалаваккхахьа,
15 Цийонан йоIан кевнехь соьга Хьайна хастамаш байтархьама.
Воккхавеш хир ву со, Ахьа кIелхьарваккхарна.
16 Шаьш даьккхинчу ор чу эгна халкъаш,
кIело еш, шаьш тийсинчу бойнех тасабелла церан когаш.
17 Веза Эла Цо йинчу кхелехула вевзинера.
Iесанаш шайн куьйга динчу гIуллакхаша дIалаьцна.
18 Эхарте кхочу Iесанаш а,
Дела вицвеш долу дерриг къаьмнаш а.
19 Гуттаренна а хир дац мисканиг вицвар,
массо а ханна дIадаьлла дац къечун сатийсар.
20 ГIаттахьа, Веза Эла! Адаме толам ма баккхийтахьа,
Хьайна хьалха халкъашна кхел яйтахьа.
21 Веза Эла, Хьайгара кхерам тасахьа царна,
шаьш адамаш бен доцийла хаийтахьа къаьмнашна.

## Нийсонах лаьцна доIа

22 Веза Эла, суна иштта генахь хIунда ву Хьо?
Со баланехь волуш къайла хIунда волу Хьо?
23 Дегнаш курадovларна къечарна тIаьхьабовлу Iесанаш.
Шайна дагадаьхкинчу хIилланаша дIалоцийла уьш.
24 Шен синан лаамех дозалла до Iесачо.
Шена харц пайда лоьхучо
Веза Эла дIа а тосу,
Цунна сардам а буллу.
25 Дозаллаш дарца Iесачунна моьтту,
ша цхьаммо а жоьпе озор вац,
Цуьнан цхьана а ойланехь Дела вац.
26 Муьлххачу хенахь а цо дечу некъаша цуьнан аьтто боккху.
Хьан кхел а цунна ма генахь ю.
Иза шен массо а мостагIашка цавашарца хьоьжу.
27 Шен дагахь цо олу: «Со вухур вац.
Цкъа а суна зуламе дерг тIедогIур дац».
28 ‡‡Цуьнан бага сардамех а, мекарлонех а, гIело ярх а юьзна ю.
Цуьнан меттан буьххьехь зуламениг а, вониг а ду.

† *ГIап дIахIоттийра Ахьа *– Грекийн гочдар тIехь: *хастамаш байтира Ахьа.** †† *8:5 Аюб 7:17, 18; Забур 143:3; Iебархошка 2:6-8.* ‡ *8:7 1 Коринтхошка 15:27; Эпасхошка 1:22; Iебархошка 2:8.* ‡† *Назма 9 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *9:22-39 – 10:1-18.**

‡‡ *9:28 Римхошка 3:14.*

[29] Ярташна уллохь кIело йо цо,
къайлаха йолчу меттигашкахь бехке воцург воь цо,
къайлаха декъазачуьнга бIаьргаш хьежабо цо.
[30] Коьллашкахь кIело йина Iуьллучу лоьмо санна,
къечунна къайлаха кIело йо цо.
Шен бой а тосий, къениг дIалоцу цо.
[31] Сатта а сеттий, таба а тебий,
шен ондачу мIарашца декъазанаш дIалоцу цо.
[32] Шен дагахь цо олу: «Далла дицделла ас динарг.
Шен юьхь дIа а ерзийна, ца го Цунна ас лелориг».
[33] Сан Веза Дела, гIаттахьа, Хьайн куьг хьалаайахьа,
Iазапехь берш а Ахь биц ма бехьа.
[34] Iесачунна Дела дегаза хIунда хета те, шен дагахь:
«Ахьа-м жоьпе озор вацара со», – олуш?
[35] ХIетте а Хьуна дерриг а го,
зуламан а, халахетаран а тидам бо,
Iазап хьоьгуш берш а Ахьа Хьайн каралоцу.
Къечо а ша Хьан кара дIало.
Байлахь висинчунна а Хьо гIоьнча ву
[36] Iесачун а, зуламечун а ницкъ бохабехьа,
церан Iесаллех уьш жоьпе озабехьа,
церан Iесаллех хIумма а ца диссалц.
[37] Веза Эла абаденналц а, гуттаренна а Паччахь ву!
Кхин къаьмнаш Цуьнан лаьтта тIера дIадовр ду.
[38] Веза Эла! Хьуна дIахеза
Хьайна хьалха шаьш кIезиг хетачийн лаамаш.
Церан дегнаш Ахь чIагI а до, Хьайн лерг царна дIа а делла.
[39] Байлахь висинчунна а, Iазап хьоьгучунна а Ахь нийса кхел йо,
лаьттарчу адаме кхин цкъа а кхерамаш ца тийсийтархьама.

## Везачу Элах тешна Iаш хилар

**10** [†] Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга: Даудан назма.
Везачу Эло со ларвар лоьху аса.
ХIунда олу аша сан сине:
«Олхазар санна, тIема а далий,
шайн лома тIе дIагIо?
[2] Iесачара, секхаIедаш а дуьйлина,
шайн пхерчий зIенаршна тIехIиттийра,
боданехь догцIеначарна тIетохархьама.
[3] ХIун дийр ду Делан лаамехь болчара,
шайна кIелара Iесачара бух дIабаьккхича?»
[4] Веза Эла Шен дезачу цIа чохь ву,
Цуьнан *Iарш* стигалшкахь ю.
Цуьнан бIаьргаш массо а стаге хьоьжу,
дIабиллинчу бIаьргашца Цо адамаш толлу.
[5] Везачу Эло зоь Шен лаамехь верг а, Iесаниг а,
ткъа къизалла ерг Шен дерриг а синца Цунна ца веза.
[6] Iесачарна тIе догуш долу кIегий а, саьмгал а,
догIа санна, охьаIанор ду Цо.
Чахчо мох а церан кхоллам хир бу.
[7] Веза Эла нийса а ву, Цунна нийсо а еза.
ДогцIеначунна Цуьнан юьхь гур ю.

## Деле гIо дар доьхуш дина доIа

**11** [††] Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга: Даудан хIара назма бархI мерз болчу пондарца ала еза.
[2] КIелхьарваккххахьа со, Веза Эла!
Цхьа а суьпаниг ца висна-кх,
адамашна юкъахь тешаменаш а бац-кх.
[3] ХIораммо а шен уллорачуьнга харцдерг дуьйцу.
Шайн мекарчу меттанашца цара шалхо лелайо.
[4] Ва Веза Эла! Дерриге а мекара меттанаш хедадехьа!
Дозаллех юьзна хIорра а бага дIакъовлахьа!
[5] Цара олу: «Тхайн меттанашца ларор ду тхо,
хIара баганаш тхан ю. Мила вер вара тхо совцо?»
[6] Везачу Эло боху:
«ГIоттур ву Со мискачара хьоьгучу Iазапан дуьхьа а,
къечара дечу узарийн дуьхьа а.
Цара лоьху *кIелхьардовлар* лур ду Аса царна».
[7] Везачу Элан дешнаш – цIена дешнаш ду.
Кхерча диллина долу, ворхIазза
дахчийна дети санна уьш ду.
[8] Веза Эла, гуттаренна а лардехьа тхо,
оцу вочу нахах тхо гена а дохуш.
[9] Гонах массанхьа а Iесанаш лела,
массара а зулламениг хесточу хенахь.

## Делан диканах тешар

**12** [‡] Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга: Даудан назма.
[2] Кхин а мел ханна хир ду те
Ахьа сан тергам ца бар, Веза Эла?
Кхин а мел Iийр ву те Хьо
соьгахьара дIавирзина, Веза Эла?
[3] Мел Iан деза те сан бала хьоьгуш,
хIора дийнахь сайн даг чохь болу сингаттам лелош?
Кхин мел хан ер ю те сан мостагIаша со хьийзош?
[4] Сан Веза Дела, хьажахьа Хьо соьга,
лохьа суна жоп.
Юхаерзаехьа сан могушалла а,
со велла дIа ца валийтархьама.
[5] Ша сол тоьлла ма олийла сан мостагIчо!
Со эшна аьлла, хаза ма хетийла суна тIаьхьа бевллачарна.
[6] Ткъа со Хьан хедар боцучу безамах тешна ву.
Ахьа со кIелхьарваккхарна,
Сан дог самукъадаьлла хир ду.
Ахь суна динчу диканна,
ас Хьуна иллеш эр ду!

† *Назма 10 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *11.**

†† *Назма 11 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *12.**
‡ *Корта 12 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *13.**

## Адамийн Іесалла

(Забур 52)

13 [†] Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга: Даудан назма.
Сонтачара шайн дагахь боху: «Дела вац».
Ма телхина нах бу уьш,
цара лелориг мел дегаза хIума ду.
Диканиг дийриг цхьа а вац царах.
2 Стигалшкара адамашка
охьахьоьжу Веза Эла,
цхьа а кхетамехь верг а вуй те,
Дела лоьхург а вуй те, Шена гархьама.
3 Берриш а нийсачу некъах тилла,
уьш массо а талхарх буьзна.
Царах цхьа а вац диканиг дийриг,
ур-атталла цхьаъ-м вац.
4 Кхетаме богIур болуш а бац те
харцонаш лелош мел берш,
шаьш бепиг дууш санна, сан халкъ дIакхоллурш,
ткъа Везачу Эле ца кхойкхурш?
5 ЦIеххьана царна тIе кхерам тосур бу,
Дела Шен лаамехь болчаьргахьа ма ву.
6 Декъазчо ечу ойланех шу кхаьрдаш делахь а,
Везачу Эле цо ша лар ма войту!
7 Исраилан халкъана кIелхьардалар
Цийон-лома тIера догIур делахьара!
Шен халкъ Везачу Эло юхаметтахIоттийча,
Якъубан тIаьхьенан сакъералур дара,
Исраилан халкъан самукъадер дара.

## Далла лууш дерг

14 [††] [‡] Даудан назма.
Веза Эла! Хьан хIусамехь Іан хьенан ю бакъо?
Хьан безачу лома тIехь ваха хьенан ю бакъо?
2 Иза дан бакъо ю, цIеначу новкъахула а лелаш,
бакъахьараниг а деш, даггара
билггал бакъдерг олуш волчун.
3 Иза дан бакъо ю, цхьанна а мотт а ца бетташ,
шена тешаме волчунна зуламе дерг а ца деш,
шен уллораниг емал а ца веш волчун.
4 Иза дан бакъо ю, Везачу Эло дIатеснарг бIаьрга ван а ца везаш,
амма Везачу Элах кхоьруш болчеран сийдеш волчун.
Шена цунах зен хилахь а, ша цунна хьалха чIагIо йинехь,
шен дашана тIера волуш воцучун.
5 Иза дан бакъо ю, шен дети совдаккхархьама,
иза духалург луш воцучун а,
бехке воцучух кхаъхнаш схьаоьцуш воцучун а.
Цу тайпана лелаш верг
даима а лаьттар ву.

## Делах тешаран доIа

15 [‡†] Дауда язйина назма.
Іалашвехьа со, Ва Дела,
Ахьа со ларвар аса лоьху дела.
2 Везачу Эле аса элира: «Хьо ву сан Веза Эла.
Сан массо а диканиг Хьоьгара бен дац».
3 Кху лаьттахь болчу Далла тешамечарах аьлча,
уьш сийлахь ма бу, царах со тамехь ву.
4 Хийрачу деланашна тIебоьлхучеран
баланаш совбевр ма бу.
ЦIий Іаноран сагIанаш аса церан деланашна дохур дац,
церан цIераш а сайн багахула аса йохур яц.
5 Суна кхочу дакъа а,
сан хинболу кхоллам а,
Веза Эла, Хьо ву.
Сан бала беза кхаж а
Хьан карахь бу.
6 Суна дIадуьстина дерг исбаьхьа ду,
Хьоьгара кхочун дерг суна тамехь ду.
7 Сайна кхетам луш волу Веза Эла аса декъалво.
Ур-атталла буьйсанна а сан даго суна хьехам бо.
8 Суна гуттар а го Веза Эла сайна хьалха.
Иза суна аьтту агIор ву, со воха ца вохийта.
9 Цундела сан дог а сакъералуш ду,
сан багара мотт а самукъадаьлла бу.
Сан дегI а кхерамехь дац.
10 [‡‡]ХIунда аьлча Ахь эхартахь со вуьтур вац.
Хьайна тешаме волчунна вахкавалар гойтур дац.
11 [‡‡†]Ахьа бакъдолчу дахаран некъ суна гайтина,
Хьуна уллохь хиларна хазахетарх со вузор ву Ахь,
Хьан аьтту агIор со леларна,
абаденналц а там суна хуьлуьйту.

## Бехк боцучун доIа

16 [‡‡‡] Даудан доIа.
Веза Эла, Хьоьгара нийсо лоьхуш волу со дIа а хазий,
тергамца сан тийжаме ладогIахьа,
харц йоцучу сан багара доIа тIеэцахьа.
2 Ахь нийса кхел йийр ю суна,
бакъдерг Хьуна дика ма го.
3 Сан деган кIоргене хьаьжира Хьо.
Буьйсанна сан терго а йина,
со Ахьа зийча,
цхьа а вониг ца карийра Хьуна.
Сайн бетера цхьа а вониг ца далийта
сацам бина аса.
4 Хьан багара долучу дешнашна тIаьхьа а хIуьттуш,
ларлуш лела со.
Ткъа адамаша лелочу гIуллакхашна а, церан зуламечу некъашна а

---

† Назма 13 (Грекийн) *– Іебархойн меттан тептар тIехь: *14.* †† 14:1-3 Римхошка 3:10-12. ‡ Корта 14 (Грекийн) *– Іебархойн меттан тептар тIехь: *15.* ‡† Назма 15 (Грекийн) *– Іебархойн меттан тептар тIехь: *16.* ‡‡ 15:10 Векалийн 13:35. ‡‡† 15:8-11 Векалийн 2:25-28. ‡‡‡ Назма 16 (Грекийн) *– Іебархойн меттан тептар тIехь: *17.*

со тIаьхьа ца хIуьтту.
5 Хьан некъахула леларца сайн когаш чIагIбира
аса.
Уьш дIа а ца бевлла цу некъа тIера.
6 Дела! Хьоьга кхойкху со, Хьуна со хезар волу
дела.
Хьайн лерг Ахь, соьгахьа схьа а дерзадай,
дIахазахьа сан дешнаш.
7 Хедар боцу Хьайн безам Ахьа кховдабехьа,
Ахьа шаьш лардар лоьхурш ницкъ беш
тIегIертачех
Хьайн бакъахьарчу куьйгаца кIелхьарбохуш
верг.
8 Хьайн тIемийн IиндагIехь хьулвехьа со,
йоIбIаьрг санна, ларвехьа со
9 суна тIегIоьртинчу буьрсачу мостагIех,
суна го бинчу сан са лоьхучу мостагIех.
10 Церан дог ца лозу кхидолчу адамех,
ткъа церан къамелаш кураллех дуьзна ду.
11 Уьш суна тIе а гIоьртина,
хIинца суна го а бина цара,
шайн бIаьргаш суна тIе хьажийна цара,
со лаьтта охьатаIо гIерта уьш.
12 Ижунах хьаьгна долчу мецачу лоьмах тера бу
уьш,
къайлаха тIеххета кечделлачу къоначу лоьмах
тера бу уьш.
13 Веза Эла! Дуьхьалвалахьа сан мостагIашна,
царна тIе а гIортий, Ахь эшабехьа уьш.
Хьайн туьраца кIелхьардаккхахьа сан са
оцу зуламхойх.
14 Ва Веза Эла, Хьайн нуьцкъалчу куьйгаца
кIелхьарваккхахьа со,
кху дуьненахь бен дахар дац моьттучу нахах,
церан кху лаьттахь оьшшуш долу дакъа ду.
Хьайн хазни чуьра кхоччуш долу таIзарш дехьа
царна,
церан бераш а таIзарех дузахьа,
церан берийн берашна а царах диснарг лохьа.
15 Ткъа суна бакъонца гур ю Хьан юьхь,
самаваларца, Хьан сибат а гина, там хир бу суна.

### Даудан хастаман назма

17 † Эшарш локкхучу тобанан куьйгалхочуьнга:
хIара назма Везачу Элан ялхо волчу Дауда
язйина ю. ХIара назма Дауда Везачу Элана олура
массо а мостагIийн а, Шаулан а карара ша Цо
кIелхьарваьккхинчу дийнахь. Дауда элира:
2 «Веза Эла, Хьо веза суна,
Хьо сан ницкъ бу!
3 Веза Эла – сан *чхар*, сан чIагIо,
со КIелхьарваккхархо ву.
Сан Дела сан *тарх* ю,
Цуьнга ас со ларвойту.
Иза сан *турс* а, сан кIелхьарваларан ницкъ а бу.
Иза со къайлавоккху меттиг а ю.
4 Шена хастам бан хьакъ долчу
Везачу Эле ма кхойкху со,
ткъа Цо сан мостагIех кIелхьарвоккху со.
5 Iожаллин зIенаша дIалаьцнера со,
дохаран тулгIенаша дIахьош вара со.
6 Эхартан зIенаш хьаьрчинера сох,
Iожаллин бой яра суна хьалха.
7 Сайна бохам баьллачу дийнахь
Везачу Эле орца даькккхира Аса.
Сайн Деле гIо доьхуш кхайкхира со.
Шен цIа чохь Цунна сан аз дIахезира.
Сан орца Цуьнан лере дIаккхечира.
8 Латта дега а дира, ласта а лестира,
лаьмнийн баххаш меттах а девлира,
Веза Эла чIогIа оьгIазвахана дела.
9 Цуьнан мерIуьргаш чуьра кIур арабийла
болабелира,
доллу хIума дIакхоллуш йолу цIе Цуьнан багара
елира,
догуш долу кIегий цу чуьра охьаоьгура.
10 Стигалш дIаса а теттина, Иза охьавоьссира,
Цуьнан когаш бухахь Iаьржа мархаш яра.
11 Каруб-маликашна тIе а хиъна, тIемавелира Иза,
механ тIемаш тIехь дIавахара Иза.
12 Цо хIаваэрачу Iаьржачу мархех
Шена къайлаволу меттиг йира,
Цунна гонах иза четар санна хилира.
13 Дукха къегаш хиларна, Цунна хьалхара
Iаьржа мархаш сихха дIасаевлира,
къора а туьйхира, догуш долу кIегий серла а
девлира.
14 Стигалара къекъаш санна, Везачу Элан гIовгIа
елира!
Веза Воккхачо Шен аз хазийтира.
Къора туьйхира, догуш долу кIегий серладевлира
15 Шен пхерчий а кхиссина,
Цо мостагIий дIасалаьхкира.
ЧIогIа ткъес а тоьхна,
Цо уьш дIа ма бовдийтира.
16 Веза Эла, Хьан оьгIазе аз дIахезча,
Хьан мерIуьргашкахула хIо арадаьлча,
хIордийн баххаш гучудевлира,
лаьттан баххаш схьаделладелира.
17 Везачу Эло лакхенгара,
Шен куьйгаш схьа а кховдийна,
со кIоргачу хи чуьра схьаваьккхира.
18 Доьналла долчу сан мостагIийн куьйга кIелара
Цо со схьаваьккхира,
сол ницкъ болчу, со ца везаш болчу мостагIех
кIелхьара а ваьккхира.
19 Сан де эшначу дийнахь уьш суна
дуьхьалбевлира,
амма Веза Эла суна гIортор хилла дIахIоьттира.
20 Кхераме йоцучу метте Цо араваьккхира со,
Ша суна реза хиларна, кIелхьарваьккхира со.
21 Со бакъ хиларе хьаьжжина, Везачу Эло суна
дика делла.
Сан куьйгаш цIена хиларе терра, Цо суна кхаъ
белла.

† *Корта 17 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *18.**

22 Везачу Эло сайна гайтина некъаш аса лар а дора,
сайн Делехьара дIа ца верзалуш, со Iеса а ца лелара.
23 Цуьнан дерриг а тIедехкинарш суна хьалха дара,
Цуьнан парзашна тIера со дIа а ца волура.
24 Цунна хьалха со цIена хилла,
къинош латорах ларлуш а хилла.
25 Со бакъ хиларе хьаьжжина, Везачу Эло суна кхаъ белла,
Цуьнан бIаьргашкахь сан куьйгаш цIена долу дела.
26 Хьайца тешаме волчуьнца тешаме хуьлу Хьо,
кхоччуш леллачуьнца кхоччуш хуьлу Хьо.
27 ЦIена волчуьнца цIена хуьлу Хьо,
ткъа мекара волчуьнца –
цуьнан мекарлоне хьаьжжина хуьлу.
28 Мисканаш Ахьа кIелхьарбоху,
ткъа цабашарца хьоьжурш Ахьа охьатаIабо.
29 Веза Эла, сан стогар Ахьа латабо.
Сан бода а Дала серлабоккху.
30 Хьоьца со хилча, аса эскар а эшадо,
сайн Делаца со пенал дехьа а вуьйлу.
31 Дела – Цуьнан некъ кхоччуш дика бу!
Везачу Элан дош ма цIена ду!
Цуьнга шаьш лардойтучу массарна а
Иза турс санна хилла дIахIоьттира.
32 Дела кхин мила ву, Веза Эла воцург?
Тарх санна, дIахIоьттина мила ву, вайн Дела воцург?
33 Берриг ницкъ а Дала ло суна,
дахаран некъ а нисбо Цо сан.
34 †Сан когаш сен когех тарбо Цо,
лакхенашкахь со чIогIа лоттуьйту.
35 Сан куьйгаш Цо тIом бан а Iамадо,
аса хIинца цIестан Iад дула а тарло.
36 Со кIелхьарвоккху турс Ахь суна делира,
Хьан аьтту куьйго со лар а вира.
Хьан гIодаро со тIех воккха а войтура.
37 Ахьа соьга ког шуьйра боккхуьйтура,
цундела сан болар гал ца долура.
38 Сайн мостагIашна тIаьхьа а ваьлла, царна тIеккиира со.
Уьш, хIаллак а бина, байъалц юха а ца вирзира со.
39 Хьала ца гIовттабаллал ас уьш охьабехкира,
ткъа уьш сан когашка охьаийгира.
40 Ахьа суна тIом бан ницкъ а белла,
суна дуьхьалбевлларш сан когашка охьа а бехкина.
41 Ахь дIабовдийтинчу сан мостагIийн баккъаш суна гина,
цундела со цавезнарш ас хIаллакбина.
42 Цара, шаьш кIелхьардаха бохуш орца дохура,
амма уьш кIелхьарбаха стаг вацара.
Цара Везачу Эле кхойккхура,
амма Цо царна жоп ца лора.
43 Мохо дIасаяржо чан санна,
царах кегийра дакъош ас дора.
Урамашкара хатт санна, уьш ас хьоьшура.
44 Суна дуьхьалдаьллачу халкъах Ахь со кIелхьарваьккхина.
Кхечу къаьмнашна тIехь куьйгалхо Ахь со вина.
Суна девзаш а ца хиллачу адамаша хIинца суна гIуллакх до.
45 Сох лаьцна шайна дIа-ма-хеззи,
суна муьтIахь хуьлу уьш.
Кхечу мехкашкара нах
суна хьалха хьестало.
46 Даг чохь болчу кхерамо гIора дIадаьккхинера церан,
цундела, бега а беш, шайн чIагIонашкара арабуьйлура уьш.
47 Дийна ву Веза Эла! Декъала хуьлда сан Тарх!
Веза воккха хуьлда со кIелхьарвоккху Дела!
48 Дела ву сох бекхам бийриг а,
халкъаш суна муьтIахь дийриг а,
49 сан мостагIех со кIелхьарвоккхург а!
Суна дуьхьалбевллачарна тIехь Ахьа соьга толам баккхийтира.
Къизачу нахах Ахь со кIелхьарваьккхира.
50 ††Цундела кхечу къаьмнашна юкъахь
Аса Хьуна хастамаш бийр бу,
ва Веза Эла, иллешкахь Хьан цIе а хестор ю ас.
51 Везачу Эло шен паччахье баккхий толамаш бохуьйту.
Иза массо а ханна тешаме хир ву Ша къобалвинчунна,
Даудана а, цуьнан тIаьхьенна а».

### Делан сийлалла Цуьнан кхоллараллехь ю

18 ‡ Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга: Даудан назма.
2 Стигалша Делан сийлалла гойту.
Цо динчу гIуллакхех лаьцна дуьйцу цара.
3 Таханалерчу дийно кханалерчуьнга хаам бо,
тховсалерчу буьйсано кханалерчу буьйсане дуьйцу цунах лаьцна.
4 Ца дуьйцу иза я меттанашца, я дешнашца,
церан аз а дац хезаш.
5 ‡‡Дерриг а лаьтта тIехула чекхйолу церан лар.
Дуьне мел ду дIакхочу церан тоьшалла.
Стигалшкахь маьлхана Iан меттиг елла Дала.
6 Шен нускал долчуьра воккхавеш араволу кIант санна, араболу малх а,
къийсаршкахь хьалхейоккхург санна, ша бан безачу некъах боккхабеш.
7 Стигалийн цхьана йистера схьаболу иза,
вукху йисте кхаччалц некъ а бу цуьнан.
Малхо луш йолчу йовхонах цхьа а хIума хьул ца ло.
8 Везачу Эло белла хьехам билггала нийса бу,

† 17:34 Хьабукъа 3:19.

†† 17:50 Римхошка 15:9. ‡ Назма 18 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *19.* ‡† 18:5 Римхошка 10:18.

цо синан чIагIо йо.
Везачу Эло дIадиллинарг а тешаме ма ду,
Цо хьекъална кIоргге волчунна а хьекъалалла ло.
9 Везачу Элан омранаш бакъахьара ду,
цара дог айадо.
Везачу Элан весет сирла ду,
цо бIаьргаш серладоху.
10 Везачу Элах кхерар цIена ду,
иза *абаделлалц* ду.
Везачу Элан кхелаш билггал бакъ а ю,
уьш нийса а ю.
11 И дерриге а дешил деза ду,
*мазал* а, улха чуьра мезан тIадамал а мерза ду.
12 Хьан лена а цара боккха хьехам бо,
уьш кхочушбарна йоккха ял а хуьлу.
13 Ша латийна массо а къинош хьанна го?
Сан къайлаха долчу къинойх цIанвехьа Ахь со.
14 Лаам болуш леточу къинойх † ларвехьа Хьайн лай,
цаьрга суна тIехь толам а ца боккхуьйтуш.
ТIаккха цIена хир ву со,
даккхийчу къиношна бехке а воцуш.
15 Веза Эла, сан *Тарх* а,
суна паргIато Лург а,
сан бетера долу дешнаш а,
сан деган ойланаш а
тамехь хуьлийла Хьуна хьалха.

### Толам баккхарна дина доIа

19 †† Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга: Даудан назма.
2 Холчу хIоьттинчу дийнахь дIахезийла хьо Везачу Элана,
ларвойла хьо Якъубан Делан цIаро.
3 Цо гIо доккхийла хьоьгахьа Шен цIа чуьра,
Цийон-лам тIера хьо чIагIвойла Цо.
4 Ахь сагIина мел деанарг дагатосийла Цунна,
ахь дийнаташ дагоран сагIа даккхарх там хуьлийла Цунна.
5 Кхочушбойла Везачу Эло хьан деган лаам а,
ерриге хьан Iалашонаш а кхочушйойла Цо.
6 Ахь толам баьккхича, тхуна хазахетар ду,
тIаккха вайн Делан дуьхьа вай байракх ойур ю.
Кхочушдойла Везачу Эло хьан дерриг а дехарш.
7 ХIинца хиъна суна Везачу Эло Ша къобалвинарг кIелхьарвоккхийла.
Шен сийлаллин стигалшкара Цо жоп ло цунна
Шен нуьцкъалчу кIелхьарвоккхучу куьйгаца.
8 Цхьаболчара гIудалкхех,
вукхара говрех,
ткъа оха тхайн Везачу Делан цIарах дозалла до.
9 Уьш, мал а белла, ийгира,
ткъа тхо, дIа а хIиттина, нисделира.
10 Веза Эла! Паччахье толам баккхийтахьа,
тхо дIа а хазахьа, Хьайга орца дохучу хенахь.

### Баьккхинчу толамна хастам бар

20 ‡ Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга: Даудан назма.
2 Веза Эла! Хьо нуьцкъала хиларна самукъадаьлла ву паччахь,
Ахь толам баккхийтарна барам боцуш хазахетта ву иза.
3 Цуьнан дагна лиъанарг делла Ахь цунна,
цуьнан бето дехнарг дIа а ца теттира Ахьа.
4 ХIунда аьлча диканна декъалварца дуьхьалвеара Хьо цунна,
цIеначу деших дина *таж* диллира Ахь цуьнан коьрта тIе.
5 Цо дахар далар дийхира Хьоьга,
Ахьа *абаделлалц* хан яхйира цуьнан.
6 Деза ду цуьнан сийлалла Ахь толам баккхийтарна.
Ахь ларам а белла цунна, сийлахь хилар а делла.
7 Абаделлалц Хьайн декъалалла делла Ахь цунна.
Хьо цуьнца хиларна, хазахетарца самукъадаьккхина Ахь цуьнан.
8 ХIунда аьлча паччахь Везачу Элах тешна ву,
Веза Воккхачун хедар боцучу безамах шеко а яц цуьнан.
9 Хьан куьйгана карор бу берриг Хьан мостагIий,
Хьан кара гIур ма бу массо Хьо цавезарш.
10 Хьо оьгIазвахча, йогучу пешах тарбийр бу Ахь уьш.
Ша оьгIазваханчохь Везачу Эло хIаллакбийр бу уьш,
цIеро буур бу уьш.
11 Лаьттара церан тIаьхье а хIаллакйийр ю Ахьа,
адамийн кIенташна юкъара церан хIу а дойур ду Ахьа.
12 ХIунда аьлча цара Хьуна дуьхьал зулам а даьккхира,
вон Iалашонаш а хIиттийра,
амма уьш кхочуш ца янъелира цаьрга.
13 ТIаккха цаьрга баккъаш берзабойтур бу Ахь.
Хьайн секхаIодаца пхерчий кхуьссур ду Ахьа царна тIе.
14 Оха лакхавоккху Хьо, Веза Эла, Хьо нуьцкъала хиларна.
Оха хастор ву Хьо иллешкахь
Хьан сийлахь гIуллакхаш бахьанехь.

### Iазапехь а хилла, Далла хастам бар

21 ‡† Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга: «Сатасаран сай» олучу мукъамехь ала езаш ю хIара Даудан назма.
2 ‡‡Сан Дела! Ва сан Дела!
Со хIунда вити Ахьа?
Ас чIогIа орца даьккхинехь а,
сан кIелхьарвалар генахь ду суна.

† *Лаам болуш леточу къинойх *– я иштта: *Кураллех.**
†† *Корта 19 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *20.**
‡ *Корта 20 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *21.**
‡† *Корта 21 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *22.**
‡‡ *21:2 Маттай 27:46; Марк 15:34.*

3 Дийнахь кхойкху со Хьоьга, сан Дела,
Ахьа суна жоп-м ца ло.
Буьйсанна а кхойкху со,
амма сан синтем бац.
4 Ткъа Хьо Везаниг ву,
Хьан *Iарш* Исраилан
хастамаш тIехь льтташ ю.
5 Хьох тешаш хилла тхан дай.
Уьш, теша а тешна, Ахьа кIелхьарбохура.
6 Хьоьга кхойкхура цара – уьш кIелхьара а бовлура.
Уьш Хьох тешара, цундела юьхьIаьржачу а ца хIуьттура.
7 Ткъа со-м, адам а доцуш, нIаьна санна ву.
Адамийн дог долу сох,
халкъана дегаза хета со.
8 †Со гуш болу берриш а кхаьрда сох.
Цара, кортош а лестош, кхиссарш йо:
9 ††«Везачу Элах тешна ма вара иза –
Цо иза кIелхьарваккха веза-кх.
Везачу Эло иза паргIатвоккхийла,
Ша цунна реза велахь».
10 Ткъа со ненан кийрара схьаваьккхина Ахьа.
Сайн ненан некхера дуьйна со маьршавоккхура Ахьа.
11 Со дуьнен чу ваьллачу хенахь дуьйна
Хьуна дIавелла вара со.
Сайн ненан кийрахь со хиллачу хенахь дуьйна
Хьо Дела ву сан.
12 Суна гена ма валахь, хIунда аьлча
тIебогIу бала гергахь бу,
ткъа гIодийриг вац сан.
13 Алссам йолчу старгIанаша го бина суна.
Башанерачу стерчаша го лаьцна сан.
14 Ижунах а хьаьгна, гIам-гIим дечу лоьмо санна,
суна тIе шайн баганаш гIаттийна цара.
15 Со, хи санна, Iана вахана.
Ерриг а даьIахкаш вовшахъевлла сан.
Дог, балоз санна а хилла,
кхерамна кийрахь дешна дIадаьлла сан.
16 Сан ницкъ, шовда санна, лекъна, дегIера дIабаьлла,
сан багара мотт а къамкъаргах дIалетта.
Со Iожаллин чене дIавуьллу Ахь.
17 ЖIаьлех тарбеллачу наха го бина суна,
буьрсачу арданго го лаьцна сан.
Цара цергаш чекхъяьхна
сан куьйгех а, когех а.
18 Ерриге а даьIахкаш ягаръялур ю сан.
Нах, суна тIе а хьоьжуш, боьлу сох.
19 ‡Цара вовшашлахь йоькъу сан тIеюху хIуманаш,
кхаж а тосу цара, сан коч хьанна кхочу хьожуш.
20 Ткъа Хьо, Веза Эла, генахь ма хилахьа суна.
Хьоьгара бу сан ницкъ, гIоьнна волахьа суна.
21 Туьрах кIелхьардаккхахьа сан са,
жIаьлех а кIелхьардаккхахьа сан дахар.
22 Лоьман бага вахарх кIелхьарваккхахьа со,
акхачу бугIанан маIех ларвехьа со.
Ахь суна жоп ма делла!
23 ‡†Хьан цIе сайн вежаршна кхайкхор ю аса.
Динан гуламехь Хьуна хастам бийр бу аса.
24 Везачу Элах кхоьруш дерш! Хастамаш бе Цунна.
Якъубан дерриг а хIу! Сийде Цуьнан.
Исраилан ерриг а тIаьхье! Цунна хьалха ларамах юьзна хила.
25 ХIунда аьлча декъазаниг Цунна дегаза а ца хетара,
цуьнан баланех Везачу Элан дог а ца делира.
Шен юьхь къайла а ца яьккхира Цо цунах,
амма, иза Шега кхайкхича, дIахезира Везачу Элана.
26 Боккхачу гуламехь Хьуна лерина хастамаш бо аса.
Цунах кхоьруш болчарна хьалха сайн ваIданаш кхочушдийр ду аса.
27 Къечара шаьш буззалц юур ю.
Иза лоьхучара Везачу Элана хастамаш бийр бу.
Шу абаденналц а дехийла!
28 Дуьненан массо а маьIIера адамаш,
Иза къобал а вина, Везачу Элана тIедоьрзур ду.
Массо а къаьмнийн болчу доьзалша,
охьа а таьIна, Цунна Iибадат дийр ду.
29 ХIунда аьлча Везачу Элан ду паччахьалла.
Цо дерриге а къаьмнашна тIехь олалла до.
30 Лаьттахь токхо а йолуш Iаш болчара,
Цунна Iибадат а деш, сагIа дуур ду.
Коше а кхаьчна, чан хилларг а,
дахар лардар шен карахь доцург а –
массо а Цунна хьалха суждане гIур ву.
31 Хинйолу тIаьхье Цунна Iамал еш хир ю.
Ткъа цара шайн берашка Везачу Элах лаьцна дуьйцур ду.
32 Схьа а баьхкина, Цо лелийначу нийсонах лаьцна дуьйцур ду,
дуьнен чу девр долчу адамашна Цо кхочушдинчух лаьцна дуьйцур ду.

### Веза Эла сан Iу ву

22 ‡‡ Даудан назма.
Веза Эла сан Iу ву.
Суна мел оьшуш дерг хир ду сан.
2 ‡‡†Цо сийначу бай тIехь дIа а вижаво,
тийначу хи тIе а вуьгу со.
3 Сан синна ницкъ а луш,
Шен цIеран дуьхьа со нийсачу новкъа воккху Цо.
4 Iожаллин IиндагI долчу тогIи чухула со дIагIахь а,
вонах кхоьрур вац со,
хIунда аьлча Хьо соьца ву.
Хьан некъан Iасано синтем ло суна.
5 Сан мостагIашна а гуш,

† 21:8 Маттай 27:39; Марк 15:29; Лака 23:35. †† 21:9 Маттай 27:43. ‡ 21:19 Маттай 27:35; Марк 15:24; Лака 23:34; Яхьъя 19:24.

‡† 21:23 Iебархошка 2:12. ‡‡ Корта 22 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *23.* ‡‡† 22:2 Довзийтинарг 7:17.

суна хьалха кхача биллина Ахь.
Сан коьртах даьтта хьаькхна Ахь.
Сан кад а тIех буьзна бу.
6 Дикалла а, безам а хуьлийла соьца сан дахаран дерриг а деношкахь,
тIаккха Везачу Элан цIа чохь сайн тIейогIу хан чекхйоккхур ю ас.

## Сийлаллин Паччахь волу Веза Эла

23 † †† Даудан назма.
Латта а, цу тIехь дерг а Везачу Элан ду.
Цуьнан ду дуьне а, цу чохь дехаш дерг дерриге а.
2 ХIордашна тIехь дуьне ДIахIоттийнарг а,
хишна тIехь иза ЧIагIдинарг а Веза Эла ву.
3 Мила вер ву Везачу Элан лам тIе,
я мила дIахIуттур ву Цуьнан дезачу цIа чохь?
4 ‡Шегара зулам цадолуьйтург,
дог цIена дерг,
шен са зуламехьа цахьажориг,
Делан цIарах харц дуйнаш ца бууш верг вер ву.
5 Везачу Эло декъалвийр ву иза.
Иза кIелхьарвоккхучу Дала бехказло ю цунна.
6 Якъубан Дела, Хьоьгара гIо оьшучеран,
Хьо лоьхучеран тайпа иштта ду!
7 Кевнаш, шайн лакхенаш хьалаайа,
шира неIарш, дIаеллало,
сийлаллин Паччахь тIаккха чувогIур ву!
8 Мила ву сийлаллин Паччахь?
Иза онда а, чIогIа а волу,
тIамехь нуьцкъала волу Веза Эла ву.
9 Кевнаш, шайн лакхенаш хьалаайа,
шира неIарш, дIаеллало,
сийлаллин Паччахь тIаккха чувогIур ву!
10 Мила ву сийлаллин Паччахь?
Массо а ницкъийн Веза Эла,
Иза сийлаллин Паччахь ву.

## Шена тIехь куьйгалла дар а, ша кIелхьарваккхар а доьхуш дина доIа

24 ‡† Даудан назма.
*А* са ‡‡ Хьоьга хьалакхийдадо сайн са, Веза Эла.
2 *Б* илггала Хьох тешна ву со, сан Дела!
Со юьхьIаьржачу ма хIоттийтахьа.
Сох мостагIий ма кхардийтахьа.
3 *Б* ерриш а Хьоьга хьоьжурш юьхьIаьржачу хIуьттур бац,
ткъа бахьана доцуш ямартло йийраш юьхьIаьржачу хIуьттур бу.
4 *Г* айтахьа суна, Веза Эла, Хьайн некъаш,
Хьайн лаамаш а бовзийтахьа суна.
5 *Д* е дийне мел дели, Хьоьга хьоьжуш ву со.
Хьайн билггал бакъдолчунна тIе а верзавехьа со,
Iама а вехьа со, хIунда аьлча со кIелхьарвоккху Дела Хьо ву.
6 *Е* рриг а заманашкахь дуьйна болу
Хьайн къинхетам а, хедар боцу безам а
дагабаийтахьа, ва Веза Эла.
7 *З* уламаш сан Хьайна дага ма даийтахьа.
Къоналлин къиношна гечдехьа сан.
Хьайн хедар боцучу безаме хьаьжжина,
со дагаваийтахьа, Веза Эла,
Хьо дика волу дела.
8 *И* сбаьхьа дика а, нийса а Веза Эла хиларна,
бан беза некъ гойту Цо къинош летийначарна.
9 *К* Iезиг шаьш хетарш нийсонна тIе Цо берзабо,
Шен некъа тIехь лела уьш Цо Iамабо.
10 *Л* еррина Цуьнан барт а, бакъонаш а ларъеш болчарна
Везачу Элан дерриг а некъаш безаме а, тешаме а ду.
11 *М* ел дукха къинош латийна ас, Веза Эла,
Хьайн цIеран дуьхьа суна гечдехьа.
12 *Н* агахь санна стаг Везачу Элах кхоьруш велахь,
адамо харжа беза некъ гойтур бу Цо.
13 *О* цу стага диканца шен хан а йоккхур ю,
цуьнан тIаьхьенна латта а кхочур ду.
14 *П* аргIат юкъаметтиг ю Везачу Элан
Шега ларамах буьзначаьрца,
Шен барт а Цо царна бовзуьйту.
15 *Р* ечIанна чуьра сан когаш Цо схьабахарна,
сан бIаьргаш даим а Везачу Элехьа бирзина бу.
16 *С* оьга схьа а хьажахьа, сох къинхетам а бехьа,
хIунда аьлча со цхьа а ву, гIело хьоьгуш а ву.
17 *Т* Iех алсамъевлла сан деган гIайгIанаш,
сан баланех со хьалхаваккхахьа.
18 *У* зарш а деш, со гIайгIанехь хиларан а,
со гIелваларан а тидам бехьа,
сан дерриге а къиношна гечдехьа.
19 *Х* ьажахьа сан мостагIашка, мел дукха бу уьш.
Мел къизачу цабезамца соьга хьоьжу уьш.
20 *Ч* IагIо а хилий, кIелхьарваккхахьа со.
Хьох тешна Iаш волу дела,
юьхьIаьржачу ма хIуттийла со.
21 *Ш* еко а йоцуш, Хьоьга ладоьгIуш волу дела,
цIена леларо а, нийсоно а ларвойла со.
22 *I* ийжам беш йолчу цуьнан ерриге гIайгIанех,
Дела, паргIатдаккхахьа Исраилан халкъ.

## Бехк боцучун доIа

25 ‡‡† Даудан назма.
Веза Эла, бехказаваккхахьа,
цIеначу новкъахула леларна, со.
Цкъа а гал ца волуш,
Хьох тешна лелаш ма вара со.
2 Веза Эла, сох доллург талла а таллахьа, зен а зехьа.
Сан кийрахь а, даг чохь а долчуьнга хьажахьа.
3 Хьан безам сан бIаьргашна хьалха ма бу,

† *23:1 1 Коринтхошка 10:26.* †† *Корта 23 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *24.** ‡ *23:4 Маттай 5:8.* ‡† *Корта 24 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *25.** ‡‡ *ХIара назма абатан кепехь ю, абат кхачаме хиларе терра, цхьана тайпанан кхачамалла а гойтуш.**

‡‡† *Корта 25 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *26.**

Хьан билггал бакъдолчуьнца со лелаш ма ву.
4 Мекарчу адамашца со ца Iа,
шалхонаш йолчарах со дIа ца кхета.
5 Зуламхойн гулам суна ца беза,
Iесачарна юкъахь со охьа ца хоу.
6 Куьйгаш а дуьлуш, сайн бехк цахилар дIагойту аса,
цундела кхечаьрца цхьаьна со а ву
Хьуна Iибадат дечу меттигна го боккхуш,
7 сайн озаца Хьуна хастамаш бархьама а,
Хьан дерриге а инзаречу гIуллакхех лаьцна дийцархьама а.
8 Веза Эла! Деза суна Хьо Iаш волу цIа а,
Хьан сийлалла шена чохь йолу меттиг а.
9 Сан са хIаллак ма дехьа къинош летош болчаьрца,
сан дахар а хIаллак ма дехьа цIий Iанор дезачаьрца.
10 Церан карахь ду зуламаш дар,
церан аьтту куьг дуьзна ду кхаьънаш схьаэцарх.
11 Ткъа со-м сайн цIеначу новкъахь ву.
КIелхьара а ваккхахьа со, къинхетам а бехьа сох.
12 Сан ког бу лаьтташ шерачу меттехь.
Веза Эла декъалво аса динан гуламашкахь.

### Везачу Элах тешна Iаш хилар

26 † Даудан назма.
Веза Эла – сан серло а ю, сан кIелхьарвалар а ду.
Со хьанах кхоьрур ву?
Веза Эла – сан дахаран дIалечкъийла ю.
Со хьан Iадор ву?
2 Нагахь санна зуламе берш суна тIегIортахь,
со дIакхаллархьама, сан мостагIий тIелатахь,
уьш, ког таса а белла, шаьш охьаоьгур бу.
3 Нагахь тIеман тоба суна дуьхьалъялахь а,
сан дог кхералур дац.
Суна тIамца тIегIортахь а,
хIетте а сан сатийсам хир бу.
4 Везачу Эле цхьа хIума доьхура аса,
изза бен ца лоьху аса.
Иза ду, со вехаш мел ву,
Везачу Элан цIа чохь со Iен лаар,
Цуьнан хазалле хьежархьама а,
Цуьнан цIа чохь Цунах дагавалархьама а.
5 Со холчу хIоьттинчу дийнахь Цо
Шен четар кIел дIахьулвийр ма ву со.
Ша Iачу метте дIалачкъор ма ву со,
Цо тарха тIе а воккхур ма ву со.
6 ТIаккха сан корта суна го бинчу
мостагIашна тIехь хьалаайабелла хир бу.
Иза Iаш волчу меттехь аса, аз а айдеш,
массо а тайпана сагIанаш дохур ду,
Везачу Элана хьалха аса иллеш а,
хастаме назманаш а эр ду.
7 Веза Эла, Хьоьга дIакхойкхуш долу сан аз дIа а хазахь,
сох къинхетам а бехьа, суна жоп а лохьа.
8 Сан даго Хьоьгара схьааьлла, Хьо леррина леха.
Цундела Хьо лоьхур ву аса, Веза Эла.
9 Хьайн юьхь сох къайлa ма яккхахьа.
Хьо оьгIазвахханчохь Хьайн лай дIа ма таттахьа.
Хьо сан гIоьнча вара.
ДIа а ма таттахьа, дIа а ма тасахьа со,
ва сан Дела, сан КIелхьарвоккхург!
10 Сан дас а, сан нанас а со витича а,
Везачу Эло со тIеоьцур вара.
11 Веза Эла, Хьайн новкъахула лела Iамавехьа со.
Нийсачу некъа тIе ваккхахьа со,
сан мостагIий сан тергам беш хиларна.
12 Сан мостагIийн лаамийн кара дIа ма лохьа со,
хIунда аьлча суна дуьхьал гIевттина харцтоьшаллаш дийраш,
къизаллица са а доьIуш.
13 Со тешна Iаш дерг хIара ду:
со дийна а волуш гур ду суна
Везачу Эло мел до дика.
14 Везачу Эле сатийса.
Доьналла долуш а хила,
хьайн дог а чIагIде.
Везачу Эле сатийса.

### ГIо оьшучун доIа

27 †† Даудан назма.
Хьоьга кхойкху ас,
Веза Эла, сан *Тарх*!
Суна жоп ца луш
ма хилалахь.
Хьо вист ца хилча,
эхарте кхаьчначех тарлур ву со.
2 Сан доIанаш дIахазалахь
ас Хьайга орца дохучу хенахь,
Хьан дезачу цIийне
ас куьйгаш ойучу хенахь.
3 Шайна уллорачаьрга диканиг а дуьйцуш,
ткъа дагахь вониг долчу а,
зуламе гIуллакхаш дечу а,
Iесачу а нахаца хIаллак ма вехьа со.
4 ‡Церан гIуллакхашка а,
цаьргара даьллачу вочуьнга а хьажжий,
кхел ехьа царна.
Церан куьйгийн балхе хьажжий,
ял лохьа царна,
хьакъ дерриг юхалохьа царна.
5 Везачу Эло диначунна а,
Цуьнан куьйго кхоьллинчунна а,
цара тидам тIе ца бахийтарна,
Цо хIаллакбийр бу уьш,
юха метта а ца хIиттош.
6 Хастам бу Везачу Элана,
Цунна сан доIанаш хезна.
7 Веза Эла сан чIагIо ю,
со ларвеш долу *турс* ду Иза.

† *Корта 26 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *27.**

†† *Корта 27 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *28.** ‡ *27:4 Довзийтинарг 22:12.*

Цунах тешна дара сан дог,
тIаккха Цо гIо дира суна.
Сан дог доккхадеш ду,
сайн иллешца ас хаставо Иза.
8 Веза Эла Шен халкъан гIап а ю,
Ша къобалвинчун кIелхьарваккхаран чIагIо а ю.
9 Хьайн халкъ кIелхьара а даккха,
Хьайн тIаьхье декъал а е.
Церан Iу хилахьа,
уьш даим Iалаш а беш.

### Везачу Элан нуьцкъала аз

28 † ††Даудан назма ‡.
Стигалан гуламехь берш, Везачу Элана хастамаш бейша!
Везачу Элан сийлалла а, ницкъ а кхайкхадейша!
2 Везачу Элан цIеран сийлаллина лерина кхайкхамаш бейша!
Везачу Эло Шен возалла гойтучу хенахь Цунна суждане гIойша.
3 Везачу Элан аз ду хезаш хиш тIехула.
Стигал къекъош ву сийлахь волу Дела.
Везачу Элан аз ду хезаш хIордаш тIехула.
4 Нуьцкъала а ду Везачу Элан аз,
сийлахь а ду Везачу Элан аз.
5 Баганан дитташ охьадохку Везачу Элан озо.
Ливанунера долу баганан дитташ охьадохку Везачу Эло.
6 Цо Ливанун-мохк, эса санна, кхийсаболуьйту,
Хьермон-лам ‡†, акха бугIа санна, ирхлоьлхуьйту.
7 Стелахаьштиг схьатуьйсу
Везачу Элан озо.
8 Яьсса аре а егайо Везачу Элан озо.
Кхадеш цIе йолу яьсса аре а егайо Везачу Эло.
9 Сешка кIорнеш а йохуьйту,
масарш оста а довлуьйту ‡‡
Везачу Элан озо.
Везачу Элан цIийнан кертахь массара а
Цуьнан сийлаллех лаьцна дуьйцу.
10 ТIедевллачу хишна тIехь а олалла динера Везачу Эло.
Абаденналц а паччахьан олалла дийр ду Везачу Эло.
11 Шен халкъана ницкъ лур бу Везачу Эло.
Шен халкъ, синтем а луш, декъалдийр ду Везачу Эло.

### Хастаман доIа

29 ‡‡† *Делан цIа* даздан олу Даудан назма.
2 Веза Эла, ас хастам бо Хьуна. Ахь кIелхьарваьккхи со,
сан мостагIий сох ца белийти.
3 Сан Веза Дела! Ас гIо дийхира Хьоьга,
Ахь суна дарба дира.
4 Эхартара сан са ара а даьккхина,
со денвира Ахь, Веза Эла,
коша чу со ца вижийтира.
5 Хастам бе Везачу Элана,
Цунна тешаме болу нах.
Иза веза хилар дагадоуьйтуш,
хаставе аша Иза.
6 хIунда аьлча кIеззигчу ханна ду Цуьнан оьгIазвахар,
дерриг а дахарна ду Цуьнан дика.
Суьйранна белхар дIахIоттахь а,
Iуьйранна самукъадалар хуьлу.
7 Со синтеме волуш ас бехира:
«Цхьана а хIумано меттахвоккхур вац со».
8 Хьайн диканца, Веза Эла,
Ахь чIагIбира сан лам.
Амма Ахь Хьайн юьхь къайлаяьккхича,
со вуьйхира.
9 ТIаккха, Веза Эла, Хьоьга кхайкхира со.
Хьалдолчу Эле ас дийхира:
10 «ХIун пайда бу сох, со хIаллаквича?
Хьуна хIун лур ду, со коша чу вижча?
Сан докъо хастам бийр буй те Хьуна?
Сох йисинчу чено Хьан бакъдерг кхайкхор дуй те?
11 Веза Эла, со дIа а хазий, къинхетам бехьа сох!
Веза Эла! Хилахьа сан гIоьнча».
12 Ахь сан белхаран метта,
суна хелхар дели,
сингаттаман духарш дIа а эцна,
самукъадаларан духарш суна тIедуьйхи.
13 Сан сино, ца соцуш, хеставойла Хьо.
Сан Веза Дела, ас хестор ву Хьо гуттара а.

### Деле сатийсарх лаьцна дина доIа

30 ‡‡‡ Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга: Даудан назма.
2 Веза Эла! Хьоьга ларвойту аса со.
Цкъа а юьхьIаьржачу ма хIоттийтахьа со.
Хьайн нийсонца со паргIатваккхахьа.
3 Хьайн лерг суна тIедерзадехьа,
со кIелхьарваккха сихлохьа.
*Тарх* санна хилахьа, со ларвархьама,
чIогIа гIап санна хилахьа суна, со кIелхьарваккхархьама.
4 Суна *чхар* санна Хьо хиларна,
суна гIап санна Хьо хиларна,
Хьайн цIеран дуьхьа со лела а вехьа,
суна тIехь урхалла а дехьа.
5 Къайлаха дIахIоттийначу гура чуьра со схьаваккхахьа,
хIунда аьлча Хьо ю сан чIагIо.
6 §Хьан кара дIало аса сайн са.

---

† *Корта 28 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *29.** †† *28:1, 2 Забур 95:7-9.* ‡ *Грекийн гочдар тIехь тIетоьхна ду: *Кхалоран дезачу денойн тIаьхьарчу ханна.** ‡† *Хьермон-лам *– ма-дарра аьлча: *Сириюн. *Иза Хьермон-ломан шира цIе ю цIаданхойн маттахь. Хьовса: Карладаккхар 3:9.** ‡‡ *Я иштта: *Нежнаш дега а до, дитташ дерзина а доху Везачу Элан озо.** ‡‡† *Корта 29 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *30.**

‡‡‡ *Корта 30 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *31.** § *30:6 Лака 23:46.*

Веза Эла, тешаме Дела,
Ахьа кIелхьарвоккхур ву со.
7 ХIумма а боцучу цIуйн сийдийраш
бIаьрга бан а ца беза суна,
ткъа со Везачу Элах тешна Iаш ву.
8 Хьан хедар боцу безам бахьанехь
хазахеташший, самукъадаьллий хир ву со.
ХIунда аьлча ас хьоьгу Iазап Хьуна гира,
сан синан бала Хьуна дIахиира.
9 МостагIчун кара дIа ца велира со Ахьа.
Сан когаш паргIатчу меттехь дIахIиттий Ахь.
10 Веза Эла, сох къинхетам бехьа,
хIунда аьлча ву-кх со готтехь.
Сингаттаме со хиларна,
худабелла сан бIаьргаш а,
сан са а, сан кийра а.
11 Сингаттамо дахар а гIелдина сан,
шераш а узарш деш дIадовлу сан.
Аса къинош леторна †, сан ницкъ а дIабаьлла,
сан даьIахкаш а малъелла.
12 Сан мостагIий бахьанехь
ур-атталла сан лулахоша а тIехдетта суна,
со вевзаш берш а дIакъехка сох.
Урамехь со гинарш а дIабовду сох.
13 Велларг санна, нехан дегнаша вицвина со.
Йоьхна пхьегIа санна ву со.
14 ††Дуккханнийн а харцлер хеза суна.
Массо а агIор къемат тIегIерта,
суна дуьхьал барт а бина,
сан са даккха дагахь цара ойланаш йича.
15 Ткъа со Хьох теша, Веза Эла.
Аса олу: «Хьо ву сан Дела».
16 Хьан карахь ду сан дахаран денош.
Сан мостагIийн карара а,
суна тIаьхьабевллачех а
со кIелхьарваккхахьа.
17 Хьан лай волчу суна тIе Хьайн юьхь тIера серло лепийтахьа.
Хьайн хедар боцучу безамца со кIелхьарваккхахьа.
18 Веза Эла! Хьоьга кхайкхарна
со юьхьIаьржачу ма хIуттийла.
Ткъа Iесанаш, юьхьIаьржачу а хIиттина,
эхартахь тийна дIасовцийла.
19 Тхьузйоьлла юьсийла харцлоь баганаш,
Делан лаамехь лелачарна дуьхьал
куралгица а, дозаллица а вониг дуьйцуш йолу.
20 Мел дукха ду-кх Хьоьгара долу дика,
Хьоьга ларамах буьзначарна дала Ахьа кечдина долу.
Хьоьга шаьш лардойтуш долчу
массо а адамашна хьалха дIало Ахь иза!
21 Адамийн питанех
Хьайн юьхьца къайлабоху Ахь уьш.
Дуьхьал лоьчу меттанех
Хьайн IиндагIехь къайлабоху Ахь уьш.

22 Декъала ву Веза Эла,
го бинчу гIалахь со волуш,
суна Ша тешаме хилар Iаламат кепара гайтина волу!
23 Со дог доьхна волуш, суна хийтира,
Хьайн бIаьргашна дуьхьалара Ахь со дIаваьккхина аьлла.
Амма Хьуна дIахезира сан доIанан аз,
Хьайга со дIакхайкхича.
24 Веза Эла везаш хилалаш,
Цуьнан долахь мел дерш.
Тешаме берш Везачу Эло ларбо,
ткъа дозаллаш дечарна шайн хьакъ дIало.
25 Доьналла долуш хилалаш! Шун дегнаш чIагIлойла,
Везачу Эле сатуьйсучу шун массеран а дегнаш чIагIлойла!

## Къиношна дохкодовларх а, Дала гечдарх а

31 ‡ ‡† Даудан хьехаме назма.
Декъала ву Везачу Эло цуьнан къинош
цкъа а цунна дуьхьал ца лоруш волу стаг!
2 Декъала ву Везачу Эло бехке веш воцу а,
шен синца мекарло йоцу а стаг!
3 Айса къа латадар дIа а ца дуьйцуш,
Хьоьга вист а ца хуьлуш, со Iачу хенахь,
хIора денна ас узарш дарна,
малъелла дIаяьллера сан даьIахкаш.
4 ХIунда аьлча дийнаххьий, буьйсанний Хьан куьг суна тIехь дазделла лаьттара.
Аьхкенан йокъа хIоьттинчу хенахь санна,
бос а байна сан.
5 Амма айса латийначу къинна къера а хилира со,
сайн бакъонца цалелар хьул а ца дира аса Хьох.
Ас элира: «Везачу Эле сайн къинош дIадоьллур ду ас».
ТIаккха Ахь дIабаькхира суна тIера сан къинан бехк.
6 ХIора Делан лаамехь волчо доIа дойла Хьоьга,
ша нийса вац аьлла хетачу хенахь,
даккхий хиш дистина догIучу хенахь,
цунна тIе уьш кхочур дац.
7 Хьо волчохь ю сан дIалочкъийла,
Ахь ларво со халонех,
кIелхьарвалаpан хазахетар а ло Ахь суна.
8 Ас хьо кхетор а ву,
хьо ваха везачу новкъа а воккхур ву.
Ас куьйгалла а дийр ду хьуна тIехь,
Сан бIаьрг а бу хьуна тIехь.
9 Ма хилийша дин санна,
я кхеташ йоцу вирбIарза санна,
шаьш бохург цаьрга дайтархьама,
церан мочхалш тIе дуьрстанаш а, гаьллаш а йоьхкина, сецо езаш йолу.
10 Дог цIена доцучу стеган
дукха баланаш бу,

† Iебархойн тептар тIехь: *аса къинош леторна. *Грекийн гочдар тIехь: *Iазапехь со хиларна.* †† 30:14 Ярми-ЯхIу 20:3.

‡ 31:1, 2 Римхошка 4:7, 8. ‡† Корта 31 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *32.*

ткъа Везачу Элах тешна Іаш волчунна
Цуьнан хедар боцу безам хуьлу.
11 Везачу Эло шайна динарг бахьанехь,
самукъане хилалаш, Делан лаамехь дерш,
даккхийделаш, дог цІена дерш.

### Хастам баран илли

32 † Делан лаамехь дерш, шайн Везачу Эло
диначунна даккхийделаш.
Шаьш бакъ болчаьргахь хастамаш бар товш ду.
2 Хастам бе Везачу Элана,
дечиг-пондар локхуш,
ала Цунна иллеш
итт мерз болу пондарца.
3 Ала Цунна керла илли:
говза лакха Цунна,
воккхаверан аз айдеш.
4 ХІунда аьлча Везачу Элан дош билггал бакъ ду,
Ша мел дечу гІуллакхаш тІехь тешаме ву Иза.
5 Цунна бакъдерг а, нийсо а еза.
Везачу Элан хедар боцу безамах дуьзна ду латта.
6 Везачу Элан дашца кхоллаелла стигалш,
Цо Шен Синан Іаь тохарца кхоьллина стигалара
массо а ницкъаш а.
7 ХІордан хиш Цо, оьланаш санна, гулдина,
кІорга хиш Цо шен-шен меттигашкахь сацийна.
8 Дерриге а латта а кхоьрийла Везачу Элах,
инзардовлийла Цунна хьалх⯑ дуьнен чохь мел
дехарш.
9 ХІунда аьлча Цо элира – иза хилира,
Цо омра дира – иза дІахІоьттира.
10 Везачу Эло бохабо хийрачу мехкашкара
къаьмнийн лаамаш,
хІаллакйо халкъийн Іалашонаш.
11 Ткъа Везачу Элан Іалашо *абаделлалц* лаьтта,
Цуьнан дагахь дерг тІаьхьенера тІаьхьене кхочу.
12 Декъала ду Веза Эла шен Дела волу халкъ.
Цо, Шен дола а даьккхина, къастийна тукхам ду
иза.
13 Веза Эла стигалшкара охьахьоьжу,
массо а адамийн кІентий го Цунна.
14 Ша охьахиъна Іаш волчу сийлаллин гІанта тІера
лаьттахь дехаш долчу массо а адамашка
охьахьоьжуш ву Иза.
15 Везачу Эло кхоьллина церан массеран а дегнаш,
церан мел долчу гІуллакхийн духе а кхуьу Иза.
16 Шен эскар доккха хиларх паччахьо а толам ца
боккху.
Шен боккха ницкъ хиларх тІемало а кІелхьара ца
волу.
17 Дин а бац тешаме стаг кІелхьарваккха,
шен боккхачу ницкъаца а кІелхьарвоккхур вац
цо иза.
18 Веза Эла хьоьжуш ву Шех кхоьручаьрга а,
Шегара болчу хедар боцучу безаме
ладоьгІучаьрга а.
19 Цо уьш Іожаллех а кІелхьарбоху,

† Корта 32 (Грекийн) *– Іебархойн меттан тептар тІехь: *33.*

кхача а ло царна мацалла хІоьттинчу хенахь.
20 Вай Везачу Элах тешна ду.
Иза вайн гІоьнча а, вай лардо *турс* а ду.
21 Везачу Элана самукъадаьлла ду вайн дегнаш,
Цуьнан сийлаллин цІарах тешна вай деха дела.
22 Веза Эла, Хьан хедар боцу безам хуьлийла тхуна
тІехь
тхо Хьох тешна Іаш долчу хенахь.

### Делан диканна бина хастам

33 †† *А* бу-Маликана ‡ хьалха, ша хьераваьлла
моттуьйтуш, Дауда аьлла йолу назма. Дауда
иза динера, ша Абу-Малике дІаэккхавайтархьама.
Иштта, Абу-Малика эккха а вина, Дауд дІавахара.
2 ‡† *В* еза Эла декъалво ас муьлххачу а хенахь.
Цунна хастам а бу сан багахь массо а хенахь.
3 *Г* Іийла дерш, дІа а хазий, самукъадаьлла
хилалаш,
Везачу Эло динчунна воккхавеш ма ву со.
4 *Д* екъал а веш Веза Эла, вазвелаш И соьца.
Язъе вай массара а Цуьнан еза цІе хІинца.
5 *Е* рриг а хан йоккхура ас, Везачу Эле кхойкхуш.
Цунна дІа а ма хезира ас деш долу доІанаш.
Сан мел болчу кхерамех со кІелхьарваьккхи Цо.
6 *З* овкх ду Цунна тІебирзинчаьргахь, уьш
серлабуьйлу.
Церан яххьаш цкъа а хир яц юьхьІаьржонах
юьзна.
7 *И* штта мискачо дехнарг а Везачу Элана дІахеза.
Цуьнан массо а баланех Цо и кІелхьарвоккху.
8 *К* Іелхьарбоху Везачу Элан Малико Цунах
кхоьруш бехарш.
Царна гонах а хьийзаш, Цо уьш лар а бо.
9 ‡‡ *Л* еррина шу хьаьвсича, Везачу Элан диканан
чам кхетар бу шуна!
Ма декъала а ву-кх Цунах тешна Іаш волу стаг!
10 *М* а кхоьруш лела деза шу Везачу Элах, Цуьнан
долахь долу адамаш,
хІунда аьлча Цунах кхоьруш вехачун массо а
хІуманан тоам хир бу.
11 *Н* аггахь ур-атталла лоьман кІорнеш а, яа хІума
йоцуш, мацаллехь хуьлу,
ткъа Веза Эла лоьхург, Цуьнан диканах тоам
боцуш вуьсур вац.
12 *О* йла а еш, бераш, соьга хІинца ладогІа.
Везачу Элах кхоьруш хила аса шуна хьоьхур ду.
13 ‡‡† *П* аргІат долу дахар дезий шуна?
Дукха даха лаьий шуна Делан дика гархьама?
14 *Р* еза боцу мотт зуламна аша бехкалаш.
Ткъа мекара долу дешнаш шайн багара ма
довлийта.
15 *С* ацалолаш зулам дарх шу, ткъа цуьнан метта
диканиг де!

†† *Корта 33 (Грекийн) *– Іебархойн меттан тептар тІехь: *34.** ‡ *ХІара назма абатан кепехь ю. Хьовса: Забур 24.** ‡† *33:2 Шамъал 21:13-15.* ‡‡ *33:9 1 Кипин 2:3.* ‡‡† *33:13-17 1 Кипин 3:10-12.*

Цу гIуллакхна къа а хьоьгуш, машар аша лехалаш.
16 *Т* къа Хьан бIаьргаш, Веза Эла, Хьан лаамехь болчаьргахьа боьрзу.
Хьан лергаш а, Веза Дела, церан тийжамашкахьа доьрзу.
17 *У* ллора дIа ма волу Веза Эла зуламаш дечарна,
Лаьттара царах лаьцна долу массо а хIума дIададайархьама.
18 *Х* еза Везачу Элана, Шен лаамехь болчара кхайкхича.
Церан берриге а баланех Цо уьш кIелхьарбоху.
19 *Ц* о Ша дог доьхначарна уллохь гойту.
Дог диллина Iаш берш а Везачу Эло кIелхьарбоху.
20 *Ч* IогIа дукха баланаш хила тарло Делан лаамехь волчун а,
амма массо а халонех Везачу Эло иза кIелхьарвоккхур ву.
21 † *Ш* аерриш а цуьнан даьIахкаш Везачу Эло ларъеш ю.
Царах цхьа а Цо кагийийр яц.
22 *Э* ххар а къалатийнарг шен зуламо вийна дIавоккхур ву.
Делан лаамехь берш цабезнарш, хIаллакьхилла, дIабевр бу.
23 *I* азапера Везачу Эло мехах паргIатвоккху Шен ялхо.
Шех тешна Iаш берш Цо бехке ца бо.

## Деле гIо доьхуш дина доIа

34 †† Даудан назма.
Веза Эла, валахьа дуьхьал соьца къовсаме бевллачарна.
Эшам бехьа, Веза Эла, суна дуьхьалбевллачарна.
2 Кара *турс* а эций, тIе гIагI а духий,
волахьа Хьо суна гIо дан.
3 ГIоьмукъ хьала а айий, совцабехьа и сан мостагIий.
Алахьа Ахь сан сине: «Со ву хьо кIелхьардоккхург».
4 Сан синна тIаьхьабевллачарна эхь а хетийла,
со вен лоьхурш, юьхьIаьржачу а хIиттина, юха а боьрзийла.
5 Мохо дIасатесна чан санна, хуьлийла уьш.
Везачу Элан Малико дIа а лохкийла уьш.
6 Боданехь а, ког шершаш а церан некъ а хуьлийла.
Царна тIаьхьа Везачу Элан Малик а долийла.
7 Бахьана а доцуш, ког лоцу бой къайлаха тесира суна цара.
Цхьа а бахьана а доцуш, ор а даьккхира цара суна.
8 ЦIеххьана хIаллакьхилар нислойла хIинца царна шайна.
Къайлаха когаш кIел теснач бойно лоцийла уьш шаьш.
Шаьш, цу ор чу а эгна, хIаллакьхуьлийла уьш.
9 Ткъа сан дог-м Веза Эла бахьанехь доккхадеш хир ду,
Цуьнгара долчу кIелхьарваларх самукъадаьлла и хир ду.
10 Аса даггара эр ду: «Мила ву, Веза Эла, Хьох тера?»
Хьо ма ву гIийланиг ницкъболчух ларвийриг,
къениг а, мисканиг а талорхойх ларвийриг.
11 Бовлу-кха суна дуьхьал харц болу тешаш.
Барт хоьтту цара соьга хаъане а ца хуучух.
12 Ас динчу диканна вон до суна цара.
Сан са а ма дуьту дIатесна цара.
13 Уьш цомгуш хилча, ас-м таьIна бедарш юхура.
Сайн са а малдора ас марханаш кхабарца.
Ас дина доIанаш жоп доцуш дисича,
14 доттагIа я ваша и волуш санна, гIайгIане хуьлура со.
Сайн ненан тезетахь санна,
корта а оллийна, халахетта хуьлура со.
15 Нагахь со галваьлча, хазахеташ, уьш гуллора.
Суна хIума олуш берш цхьаьна ма кхетара.
Стенна ду а ца хууш, саццаза цара со сийсазвора.
16 АстагIчух буьйлурш санна,
соьга болчу шайн цабезамна цергаш цара хьекхайора.
17 Хьалдолу Эла! Кхин дукха Iийр вуй те Хьо сох хуьлучуьнга хьежар бен доцуш?
Ахь кIелхьарваккхахьа со церан зуламечу ойланех,
лардехьа сан цхьаъ бен доцу дахар цу буьрсачу лоьмех!
18 Боккхачу гуламехь ас Хьан сийлалла ойур ю.
Алссам долчу халкъана юкъахь ас Хьуна хастамаш бийр бу.
19 ‡Харц бахьанашца сан мостагIий баккхий ма бейтахьа.
Бахьана а доцуш, со ца везачаьрга вовшашка бIаьргаш ма теIабайтахьа.
20 ХIунда аьлча маьрша къамелаш ца до цара,
ткъа машар безачу нахана уьш мекарчу дешнашца лоь.
21 Суна дуьхьал шайн баганаш а гIиттош, цара олу:
«ХIаъ! Тхуна тхаьшна а гина ахь динарг!»
22 Хьуна Хьайна а го-кх и дерриг, сан Веза Эла!
Хьалдолу Эла! Ма валахьа Хьо суна гена!
23 Сама а валий, суна гIоьнна дIахIоттахьа.
Сан Дела, сан Хьалдолу Эла, суна дуьхьалбевллачарна хьалх� бехказаваккхахьа со.
24 Хьайн бакъ кхел ехьа Ахь суна тIехь, сан Веза Дела!
Сох кхарда ма кхардийтахьа уьш.
25 Ма хуьлийла-кх, Дела, там церан дегнашна:
«ХIара дара-кх оха лоьххург», – аьлла.
Ма олийла-кх цара:

---

† 33:21 Яхьъя 19:36. †† Корта 34 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *35.*

‡ 34:19 Забур 68:5; Яхьъя 15:25.

«ХIара-м оха дIакхаьллира».
26 Сан бохамах самукъадаьллачарна Дала эхь а хетийтийла,
цаьрга шайн сий а духкийтийла Цо.
Суна хьалх◊ кураллаш йийраш Цо эхьах а бузийтийла,
уьш сийсаз а бойла.
27 Хазахетарца баккхийбойла
со бакъвина хила лууш берш.
Хаддаза олийла цара:
«Вазлойла Веза Эла,
Шен лен ирс хазахеташ волу».
28 Сан мотт а хир ма бу Хьан бакъдерг кхайкхадеш,
муьлххачу а дийнахь Хьуна хастамаш а беш.

## Бакъонаш ца ларъечун Iесалла

35 † Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга:
Везачу Элан ялхо волчу Даудан назма.
2 ††Iесачун кIорггера даг чуьра
аьрхалла йистхуьлу цуьнга.
Цуьнан бIаьргаш чохь
Делах кхерар дац.
3 Шех лаьцна оццул лекха ойла ю цуьнан,
шен къинош а гина, уьш ца деза кхетам ца кхаччал.
4 Цуьнан багара схьадолу дешнаш харц а, мекара а ду.
Кхетаме хилар а, дика лелар а цо дитина ду.
5 Вижинчохь а вон ойланаш йо цо.
Иза харц некъа тIе а волу,
воног дарх дIа а ца воьрзу.
6 Веза Эла! Хьан хедар боцу безам стигалшка дIакхочу,
Хьан тешаме хилар мархашка кхочу.
7 Хьан нийсо лекха лаьмнаш санна ю.
Хьан кхел кIорга хIордаш санна ю.
Адамаш а, бежанаш а Iалашдо Ахь, Веза Эла!
8 Мел чIогIа мехала бу-кх Хьан хедар боцу безам, Дела!
Хьан тIемийн IиндагIехь адамаша шаьш лардойту.
9 Хьан токхечу цIийнах дузуш ду уьш.
Хьайх долучу диканан хица хьогалла дIайоккху Ахь церан.
10 ХIунда аьлча Хьоьгара ду дахаран хьоста.
Хьоьца йолчу серлонгахь серло го тхуна.
11 Дахдехьа Хьо вевзачарна Хьайн безам балар а,
догцIеначарна Хьайн нийсо лелор а.
12 Курачун ког суна тIе ма болийла,
къилахь волчун куьйго со дIа а ма эккхавойла.
13 Зулам лелош берш цигахь охьаэгна.
Шаьш охьабахкарна, уьш хьала ца гIовттало.

## Делан лаамехь волчунна а, Iесачунна а шен-шен хьакъ дIададалар

36 ‡ Даудан назма.
*А* мал ‡† вон йолчарах Iеха ма лолахь,
зуламаш лелочарах ма хьегалахь.
2 ХIунда аьлча уьш кестта, буц санна, бакъалур бу,
сенделла догIу ялта санна, маргIал а лур бу.
3 *Б* илггал Везачу Элах тешна а хила, дика а де.
Лаьттахь вехаш а хила, догцIеналла лар а е.
4 Везачу Элах дезар оьцуш хила,
Цо хьан деган лаамаш кхочушбийр бу.
5 *В* езачу Элан кара хьайн некъ дIа а ло,
Цунах тешна Iаш а хила,
ткъа тIеоьшург Цо кхочушдийр ду.
6 Цо, серло санна, хьан бакъдерг а гучудоккхур ду,
дийнан делкъе санна, хьан нийсо а гучуйоккхур ю.
7 *Г* Iам-гIим а ца деш, тийна а волуш,
Везачу Эле ладоьгIуш хилалахь.
Дахаран новкъахь кхиамаш бохуш волчу
мекарчу стагах ма хьегалахь.
8 *Д* ералла а йиталахь, оьгIаз а ма эхалахь.
Хьайх зулам даллийтал хьагI йолуш ма хилалахь.
9 ХIунда аьлча зулам долуьйтурш хIаллакбийр бу,
ткъа Везачу Эле сатийсар долчарна
тIаьхьалонна латта кхочур ду.
10 *Е* рриг а хан дукха ер яц,
ткъа Iесаниг кхин хир а вац.
И хиллачу метте хьо дIахьаьжча,
цигахь иза хир ма вац.
11 ‡‡Ткъа эсала болчарна тIаьхьалонна латта кхочур ду,
машарх а, беркатах а цара дезар оьцур ду.
12 *Ж ирга* хета ойланаш Делан лаамехь болчарна дуьхьал Iесачо йо,
уьш шена цабезарна цо царна шен цергаш хьекхайо.
13 Ткъа Веза Эла цунах воьлу, хIунда аьлча
Iесачун тIаьххьара де тIекхочуш хилар го Цунна.
14 *И* ра тарраш Iесачара баттара схьадоху,
шайн секхаIедаш а цара тIехьежадо,
къениг а, мисканиг а охьавиллархьама а,
нийсачу новкъахь берш чекхбахархьама а.
15 Тарраш церан шайн дегнех чекхдевр ду,
церан секхаIедаш кеглур ду.
16 *К* Iеззиг долу Делан лаамехь болчеран хьал –
Iесачеран дуккха а долчу хьолал гIолехь ду.
17 ХIунда аьлча Iесачеран ницкъ бохийна хир бу,
ткъа Шен лаамехь берш Везачу Эло чIагIбо.
18 *Л* еррина хьоьжу Веза Эла цIена лелачийн хьашташка,
царна кхаьчна мел дерг абаденналц лаьттар ду.
19 Буьрсачу хенахь а юьхьIаьржачу хIиттор бац уьш,

† *Корта 35 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *36.**
†† *35:2 Римхошка 3:18.*

‡ *Корта 36 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *37.**
‡† *ХIара назма абатан кепехь ю. Хьовса: Забур 24.** ‡‡ *36:11 Маттай 5:5.*

меца хан тIееача а, буьзна хир бу уьш.
20 *М* аргIалдоьлла аренан зезагаш санна,
Iесанаш хIаллакьхир бу.
Везачу Элан мостагIий,
кIур санна, дIабовр бу.
21 *Н* агахь Iесачо духалург дакккхахь, иза юха дIа ца
ло цо,
ткъа Делан лаамехь волчо шен къинхетам
хиларца дIало.
22 ХIунда аьлча Везачу Эло декъалбинчарна
тIаьхьалонна латта кхочур ду,
ткъа Цо неIалт кхайкхийнарш дIалелхор бу.
23 *О* нда чIагIбо Везачу Эло адаман некъ,
цо йоху гIулчаш Шена тамехь елахь.
24 Иза, ког тасабелча а, вужур вац,
хIунда аьлча Везачу Эло цуьнан куьг дIалоцу.
25 *П* оп санна а волуш, къона вара со, ткъа хIинца
къанвелла.
Делан лаамехь верг суна дIатесна а ца гира,
цуьнан тIаьхье бепиг доьхуш а ца гира.
26 Цо хIора дийнахь къинхетам а бо, духалург а ло.
Цуьнан тIаьхье декъала а хир ю.
27 *С* овдоккхуш дикалла, зулам дарх дIаверзалахь
–
лаьтта тIехь гуттаренна а вехар ву хьо.
28 ХIунда аьлча Везачу Элана бакъдерг деза,
Шен долахь берш Цо дIа а ца туьйсу.
*Т* ешаменаш абаденналц Iалашбийр бу,
ткъа Iесачеран тIаьхье дIаэккхор ю.
29 Делан лаамехь болчарна тIаьхьалонна латта
кхочур ду,
уьш цу тIехь абаденналц бехар бу.
30 *У* ггар хьекъале дерг Делан лаамехь волчун
багара схьадолу, цуьнан матто а бакъдерг олу.
31 Шен Делан хьехамаш цуьнан даг чохь бу,
ткъа царна тIера иза дIа а ца волу.
32 *Х ь* оьжуш хуьлу Iесаниг Делан лаамехь
волчуьнга,
иза вен дагахь, кIело яр лоьхуш.
33 Амма Везачу Эло иза Iесачун кара дIалур вац.
Уьш кхеле бевлча, Цо иза бехке а лоруьйтур вац.
34 ЧIогIа Везачу Эле са а тийса,
Цуьнан новкъахула бен ма лела.
ТIаьхьалонна латта хьуна а кхочуьйтуш,
Цо хьан сий дийр ду.
Ткъа Iесанаш дIа а лелхор бу,
хьуна иза гур а ду.
35 Шен орамаш чIагIдина волу луьра Iесаниг гира
суна,
сенделла гаьннаш долчу диттах терра волу.
36 Амма со тIехваьлча †, иза ван а вацара.
Аса и лоьху, ткъа суна кара а ца во иза.
37 Юххерачу цIена лелаш волчун тергам а бе,
догцIеначу нехан леррина тергам а бе,
тIаьхье машаран стеган хир йолу дела.
38 Ткъа зуламенаш берриш а хIаллакбийр бу.
Iесачеран тIаьхье хIаллакйийр ю.
39 Iазап хьоьгучу хенахь
Делан лаамехь болчарна
Веза Эла чIагIо санна ву,
Цуьнгара церан кIелхьарбовлар ду.
40 Везачу Эло царна гIо а до, уьш лар а бо.
Iесачарах Цо уьш паргIат а боху,
царах Цо уьш кIелхьар а боху,
шаьш Цуьнга цара ларбойту дела.

### Баланехь волчун доIа

37 †† Даудан назма. Дагалацийтаран доIа.
2 Веза Эла! Хьо дарвеллачохь суна тIех ма
деттахьа.
Хьо оьгIазвахханчохь суна таIзар ма дехьа.
3 ХIунда аьлча Хьан пхерчий сох чекхдевлла.
Суна тIехь долу Хьан куьг а дазделла.
4 Хьан делла бахьанехь дийна меттиг а ца
йисина сан дегIа тIехь.
Сан даьIахкаш лозуш ю ас летийна къинош
бахьанехь.
5 Сан коьртал а лакхадевлла аса летийна къинош,
суна тIехь ма ду уьш, беза мохь санна.
6 Вон хьожа а йогIуш, наткъарх юьзна ю
суна тIера чевнаш, сан хьекъал ца кхачарна.
7 Сатта а сеттина, охьатаьIна лела со,
дийнахь сарралц гIайгIанехь лела со.
8 Кийра а буьзна дерачу чевнех сан,
дегIа тIехь дийна меттиг а ца йисна сан.
9 Ца мегачу ваьлла со, воха а воьхна,
узарш деш лела со, дог чIогIа дохарна.
10 Веза Эла! Сан берриг а лаамаш Хьуна хьалха ма
бу.
Сан синан садеIар Хьох къайла ца долу.
11 Дог а дегадо сан. Сан ницкъо а вити со.
БIаьргийн серло а яц ур-атталла хIинца сан.
12 Сан доттагIий а, накъостий а сан даьIнех
дIабирзи.
Сан гергара берш берриге а суна генабевли.
13 Ткъа со вен тIаьхьабевллачара суна гураш дугIу.
Суна зулам хила луучара со дакъазаваларх
лаьцна дуьйцу,
цара хIора дийнахь юкъа питанаш туьйсу.
14 Ткъа суна-м хезаш дац, къорачунна санна,
ву со бага дIа ца йоьллу, мотт ца хуург санна.
15 Хилла со къора стаг санна,
багахь дала жоп доцуш волу.
16 ХIунда аьлча, Веза Эла, Хьоьга ас ладоьгIу.
Сан Хьалдолу Дела, Ахь суна жоп лур ма ду.
17 ТIаккха ас элира: «Суна тIехь толам ма
боккхийла сан мостагIаша.
Сан ког шершачу хенахь, цара ма йойла суна
куралла ш».
18 Со вожа герга ву,
сан бала гуттара а соьца бу.
19 Со къера ву сайн харцонашна,

† *Грекийн гочдар тIехь: *Амма со тIехваьлча. *Iебархойн тептар тIехь: *Амма цхьаъ тIехваьлча.**

†† *Корта 37 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *38.**

дохковаьлла со сайн къинна.
20 Ткъа сан мостагІий бехаш а, чІагІлуш а лаьтташ бу.
Бахьана доццушехь, со цавезарш багар ца баллал бу.
21 Ас дечу диканна дуьхьал суна зулам дийраш,
асa дика дешшехь, суна дуьхьалбовлу.
22 Ма витахьа со, Веза Эла!
Гена ма валахьа суна, сан Дела!
23 Суна гІо дан сихлохьа,
Веза Эла волу, сан КІелхьарвоккхург!

## ДІатесна волчун дохковалар

38 [†] Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга, Ядутуне. Даудан назма.
2 Ас элира: Сайн маттаца къинош ца леторхьама,
со лелачу сайн некъийн тергам бийр бу аса.
Іесанаш сайна хьалха мел бу,
сайн бат дІасацор ю аса.
3 Мотт ца хуург санна а, аз доцург санна а хуьлура со,
ур-атталла диканна а вист ца хуьлура со.
Ткъа сан баланаш совбевлира.
4 Сан дог алу хилла дІахІоьттира.
Цуьнан дукха ойла ярна, сан кийрахь цІе елира.
Со сайн маттаца дийца волавелира:
5 Веза Эла, алахьа соьга, сан кхалхар маца хир ду а,
сан дахаран денош мел дисна а. Мел ду те уьш,
Ахь суна дуьнен чохь яккха елла хан мел ю хаархьама.
6 Ахь суна делла денош цхьайолу шенаш [††] санна бен дац.
Сан оьмар Хьуна гергахь хІумма а йоцург ю.
Билггал, хІора стеган дахар хІо санна бен дац-кх.
7 Билггал, адам гІаларт санна лела-кх.
Эрна хІума а до цо, хьал а гулдо,
ткъа иза хьанна кхочур ду цунна ца хаьа-кх.
8 Ткъа хІинца аса стенга ладогІа деза те?
Сан сатийсар-м Хьоьга ду.
9 Аса лелочу дерриге а зуламех кІелхьарваккхахьа со.
Емалвайта сонтачеран кара дІа ма лохьа со.
10 Мотт а сецна, сан багара дош ца долу,
суна мел динарг Ахьа дина долу дела.
11 Айхьа суна дина таІзар дІадаккхахьа,
Хьан куьг дукха дардаларна дІавер ву со.
12 Бехк адамах баккхарца, летийначу къиношна Ахьа цунна таІзар до,
цунна дезаш мел дерг, нецо санна, Ахь кхаьллина дІадоккху.
Билггал, хІора стаг хІо санна бен вац-кх!
13 Веза Эла, сан доІа дІахазахьа,
сан узарийн тергам бехьа.
Сан бІаьрхишна дуьхьал жоп ца луш ма Іехьа.
ХІунда аьлча со кхузахь Хьан хьаша санна ву,
сан берриге а дай санна, со тІевеанарг а ву.
14 ДІа а кхелхина, дуьнен чуьра дІаваххалц йолчу ханна
витахьа со, сан кхин а воккхавен йиш хилийтархьама.

## Баркалла алар а, гІо дехар а

39 [‡] Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга: Даудан назма.
2 Боккхачу тешамца ладоьгІура аса Везачу Эле,
тІаккха соьгахьа схьавирзира Иза,
ас доккху орца а дІахезира Цунна.
3 Кхерамечу гІу чуьра со хьала а ваькккхина,
сацкъаран уьшал чуьра со схьа а озийна,
тарха тІе сан когаш Цо дІахІиттийра,
ас еш йолу сан гІулчаш Цо чІагІйира.
4 Тхайн Далла хастамаш беш йолу
керла эшар йиллира Цо сан бага.
Дукхахберш, иза а гина,
ларамах буьзна а хир бу,
Везачу Элах тешна а хир бу.
5 Декъала ву Везачу Элах тешна Іаш волу а,
цІушка дехарш деш воцу а,
харцделанашна Іамал ечарах
дІакхетта а воцу стаг [‡†].
6 Алссам ду, сан Веза Дела,
Ахь мел дина тамашийна гІуллакхаш а,
тхох лаьцна Ахь мел йина ойланаш а.
Хьоьца цхьа а вусталур ма вацара!
Ахь мел динчу гІуллакхех лаьцна
Ас дийцахь я кхайкхам бахь,
церан терахь хьесап ца даллал доккха хир ма дара!
7 [‡‡]СагІанаш а, совгІаташ а ца дийзира Хьуна,
Сан лергаш дІадиллира Ахь.
Дийнаташ дагоран сагІанаш Хьуна ца тайра,
къинойх долу сагІанаш Ахь ца дийхира.
8 ТІаккха ас элира: «Хьажахьа, со кийча ву,
товрат-хьехамийн тептар тІехь суна лерина яздина ду.
9 Хьан лаам кхочушбан лууш ву со, сан Дела!
Хьан товрат-хьехамаш сан даг чохь лаьтта».
10 Боккхачу гуламехь дуьйцура аса
Хьан нийсонах лаьцна.
Сайн баганна новкъарло ца йора аса,
Хьуна ма-хаъара, Веза Эла.
11 Хьан нийса хилар сайн даг чохь къайла ца доккхура аса.
Хьо тешаме хиларх а, Ахь кІелхьарваккхарх а лаьцна кхайкхадора аса.
Боккхачу гуламна хьалха Хьан хедар боцу безам а,
Хьан билггал бакъдерг а ца хьулдора аса.

---

† *Корта 38 (Грекийн) *– Іебархойн меттан тептар тІехь: *39.**
†† *Шенаш *– нанапІелганий, цІазапІелганий юккъера меттиг.**

‡ *Корта 39 (Грекийн) *– Іебархойн меттан тептар тІехь: *40.**
‡† *ЦІушка дехарш деш воцу а, харцделанашна Іамал ечарах дІакхетта воцу а стаг *– я иштта: *курачарна а, аьшпаш буттучарна а тІе дехаре ца воьдург.**
‡‡ *39:7-9 Іебархошка 10:5-7.*

12 †Веза Эла, сох къинхетам бар Ахьа цкъа а ца сацадо.
Хьан безамо а, тешаме хиларо а саццаза ларвойла со,
13 хIунда аьлча барам боцучу бохамаша
го бина суна. Сан къиноша, со стенга
вала веза ца хаъал, хьалавуьзна со.
Уьш сан коьртарчу месел а совдевлла.
Сан доьналла а сох дIакъаьстина.
14 Веза Эла, со кIелхьарваккхар Хьайна тамехь хилийтахьа.
Веза Эла, суна гIоьнна тIеван сихлохьа.
15 Сан са хIаллакьхилар лоьхурш
юьхьIаьржачу а хIуьттийла, царна эхь а дуссийла!
Суна зулам хила луурш,
юьхьIаьржачу а хIиттийна, юха а берзабойла!
16 Со емалвархьама, соьга: «Жолам-яI!» – бохурш,
шайна эхь доссарна, боьхна хьийзийла.
17 Хьо лоьхуш болу массо а Хьо бахьанехь
хазахетта а, самукъадаьлла а хуьлийла!
Ахь шаьш кIелхьардахар дезаш болчара
«Сийлахь ву Веза Эла!» – саццаза олийла.
18 Со-м къен а, миска а ву.
Хьалдолу Эла, сан гIайгIа бехьа!
Хьо ву суна гIо дийриг а, со паргIатвоккхург а.
Ва сан Дела, хье ма лохьа!

### Цомгуш волчун доIа

40 †† Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга: Даудан назма.
2 Декъала ву гIийлачун гIайгIа беш верг!
Холчу хIоьттича, Везачу Эло паргIатвоккхур ву иза.
3 Везачу Эло лар а вийр ву, дийна а вуьтур ву иза.
Ша лаьттахь йоккхучу хенахь иза декъала хир ву.
Цуьнан мостагIийн лаамийн дола Ахьа дIа ма лохьа иза.
4 Цомгуш а хилла, меттахь висча а,
Везачу Эло иза чIагIво.
Цуьнан цамгарх Ахь иза то а во.
5 Ас элира: «Веза Эла! Сох къинхетам бехьа,
со товехьа, хIунда аьлча Хьуна дуьхьал аса къа латийна».
6 Сох лаьцна воних олу сан мостагIаша:
«Иза маца лийр ву те,
цуьнан цIе а маца дIайовр ю те?» – бохуш.
7 Со ган веаначун хабар
гуттара а даьсса хуьлу.
Шен даг чохь цо воних латтадо.
Ара а волий, сох лаьцна цо эладита даржадо.
8 Со ца везначу массара а вовшашна юкъахь
сох лаьцна шабар-шибарш до.
Уггар а воних сох лаьцна дага а лоьцуш,
цара вовшашка олу:
9 «Цунна Iожаллин ун ма кхетта.
Ша Iуьллучуьра иза кхин хьалагIатталур ма вац».
10 ‡Ур-атталла сан уггар дикачу доттагIчо,
ас тешаме лоручу а,
соьца бепиг дууш волчу а,
мекарлонца суна дуьхьал куьг айина.
11 Ткъа Ахьа, Веза Эла,
сох къинхетам а бай,
дIахIоттавехьа со,
аса хьакъ дерг дIалур дара царна.
12 Сан мостагIаша суна тIехь толам
цабаккхарх хуур ду суна,
Хьо суна реза хилар.
13 Сох лаьцна аьлча, со догцIена хиларна
со лоттуьйту Ахь. Ткъа со гуттаренна а
Хьайна уллохь дIахIоттаво Ахь.
14 ‡†Азалера абаденналц декъала ву
Исраилан халкъан Веза Дела!
*Амин*! Амин!

## ШолгIа тептар

*(Забур 41–71)*

### Йийсарехь волчун доIа

41 ‡‡ Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга: Кхорахьан тIаьхьенан хьехаме назма.
2 Хин Iоврех хьоьгуш болу сай санна,
сан са а ду Хьох хьоьгуш, Дела!
3 Делах хьоьгу сан са – дийна волчу Делах.
Маца дIавахалур ву те со,
Далла уллохь а волуш,
Цунна *Iибадат дан*?
4 Дийнаххьий, буьйсанний сайн бIаьрхих
кхача хилира суна,
«Мичахь ву ткъа хьан Дела?» – бохуш,
дийнахь сарралц мостагIаша соьга хоьтту.
5 Сайн синан Iаткъам дIа а балхош,
хIара ду суна дагаоьхург:
адамийн тобанашца сайн лелар,
*Делан цIа* долчу сайн хьалхавийлар.
Халкъаца цхьаьна аса а кхойкхура
дезде даздечу хенахь
хазахетаран а, баркаллин а озаца.
6 ХIунда ду те хьо сингаттаме, сан са,
карзах хIунда дуьйлу те хьо сан кийрахь?
Деле ладоьгIуш хила, хIунда аьлча
ас кхин а хастамаш бийр бу Цунна,
со КIелхьарвоккхург волчу сайн Далла.
7 Сан кийрарчу сино сагатдо,
цундела суна Йордан-хин махкара а,
Хьермон а, Мицхьар а лаьмнийн мехкашкара а
дагаоьху Хьо.
8 КIоргачу цхьана хино вукху хине
Хьан чухчарийн аьзнашца кхайкхамаш бо.

† 39:12-18 Забур 69. †† Корта 40 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *41.*

‡ 40:10 Маттай 26:23; Марк 14:18; Лака 22:21; Яхьъя 13:18. ‡† 40:14 Забур 105:48. ‡‡ Корта 41 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *42.*

Дерриг Хьан хиш а, Хьан тулгӀенаш а
суна тӀехула чекхъевлла.
9 Дийнахь Везачу Эло
Шен безам суна тӀехьажабо.
Буьйсанна соьгахь илли ду Цунна –
сан дахаран Деле долу доӀа.
10 Сайн *тарх* йолчу Деле аса олу:
«Ахьа со виц хӀунда вина те?
ХӀунда лела те со гӀайгӀанехь,
сан мостагӀчо суна гӀело ярх?»
11 Сан даьӀахкашкахь Ӏожаллин чов хиллал,
сан мостагӀашна со дола хета,
«Мичахь ву ткъа хьан Дела?» – бохуш,
дийнахь сарралц цара соьга хоьтту.
12 ХӀунда ду те хьо сингаттаме, сан са?
Карзах хӀунда дуьйлу те хьо сан кийрахь?
Деле ладоьгӀуш хила, хӀунда аьлча
ас кхин а хастамаш бийр бу Цунна,
со КӀелхьарвоккхург волчу сайн Далла.

## Йийсарехь волчун доӀа

(41-чу назманан тӀаьхье)

42 † Ва Дела, со бехказаваккхахьа,
диндоцучу халкъана дуьхьал болчу
сан къовсамехь суна гӀо дехьа.
Мекарчу а, зуламечу а адамех
со кӀелхьарваккхахьа!
2 Дела, Хьо ю сан чӀагӀо.
Со дӀа хӀунда теси те Ахьа?
Сан мостагӀчо суна гӀело а йина,
гӀайгӀане хӀунда лела те со?
3 Хьайн серло схьаяийтахьа,
Хьайн бакъдерг схьакховдадехьа.
Цара со дӀавуьгийла,
цара со хьалавоккхийла
Хьан безачу лома тӀе,
Хьо Ӏаш волчу цӀийне.
4 ТӀаккха со дӀагӀур ву Делан сагӀа доккхучу кхерчана тӀе,
сан хазахетаран а, самукъадаларан а Дела волчу.
Аса мерз-пондарца хастамаш бийр бу Хьуна,
ва Дела, сан Дела!
5 ХӀунда ду те хьо сингаттаме, сан са?
Карзах хӀунда дуьйлу те хьо сан кийрахь?
Деле ладоьгӀуш хила, хӀунда аьлча
аса кхидӀа а хастамаш бийр бу Цунна,
со КӀелхьарвоккхург волчу сайн Далла.

## Халкъ лардар доьхуш долу доӀа

43 †† Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга:
Кхорахьан тӀаьхьенан хьехаме назма.
2 Тхан дайша тхуна дуьйцура,
уьш баьхначу ширачу заманахь.
Ахь мел динчу гӀуллакхех лаьцна.
Ва Дела, тхан лергашна хезнера иза.
3 Хьайн куьйгаца халкъаш хӀаллакдира Ахьа,
ткъа тхан дай баха охьаховшийра Ахьа.
Кхечу къаьмнашна зулам дира Ахьа,
ткъа тхан дайн аьтто балийтира Ахьа.
4 Цара и латта шайн туьраца а ца даьккхира,
шайн ницкъаца а ца даьккхира.
Хьан нуьцкъалчу аьтту куьйгаца а,
Хьан юьхь тӀера лепачу нуьраца а
даьккхира цара и латта, Хьо царна реза хиларна.
5 Ва Дела, Хьо сан Паччахь ма ву!
Якъубан халкъана ‡ толамаш бахар лохьа! ‡†
6 Хьан ницкъаца тхешан мостагӀий оха юхабоху,
Хьан цӀарца тхайна дуьхьалбевлларш оха хьошу.
7 Сайн секхаӀодах тешна Ӏаш вац со,
сайн туьро а кӀелхьар ца воккху со.
8 Амма тхан мостагӀех Ахь тхо кӀелхьардоху,
тхо цадезарш Ахь юьхьӀаьржачу хӀиттабо.
9 Дийнахь сарралц Делах дозалла до оха.
Абаденналц Хьан цӀе язйийр ю оха.
10 Амма хӀинца-м Ахь дӀатесна тхо,
Ахь юьхьӀаьржачу а хӀиттийна тхо.
Тхан эскаршца ара ца волу Хьо.
11 Ахь мостагӀех тхо дӀаидийтина,
тхо ца дезачара тхоьгара хӀонс яьккхина.
12 УьстагӀий санна, хӀаллакдайта дӀадели Ахь тхо,
къаьмнашна юкъахь дӀасадаржий Ахь тхо.
13 Хьал совдаккхар а доцуш, Хьайн халкъ Ахь дӀадоьхки,
цунах беллачу мехах Ахь пайда а ца ийци.
14 Тхан лулахошка емалдайта дӀадели Ахь тхо.
Тхуна гонах бехаш болчарна беламна а,
сийсаздахарна а дӀадели Ахь тхо.
15 Халкъашна юкъахь кицанна а
даладойтуш, дӀахӀиттий Ахь тхо.
Кхечу къаьмнашка кортош а лестадойтуш,
тхох кхардам бина, дӀахӀиттий Ахь тхо.
16 Сан сийсазалла дийнахь сарралц суна хьалха ю.
Со юьхьӀаьржачу хӀоттийна,
17 со емалвеш болчеран а, харцлуьйчеран а озо а,
сан мостагӀчун а, суна бекхам бар
лоьхучеран а хьежаро а.
18 И дерриг а тӀедеана тхуна,
амма Хьо виц ца велла тхуна,
Хьан барт а ца бохийна оха.
19 Тхан дегнаш Хьох дӀа а ца дирзира,
тхан когаш Хьан некъа тӀера дӀа а ца бевлира,
20 Амма чангӀалкхаш ехачу меттехь Ахь тхо дӀахьаьшира,
Ӏаьржачу боданехь Ахь тхо дӀахьулдира.
21 Нагахь оха, тхешан Делан цӀе йиц а йина,
хийрачу далла куьйгаш хьалаайинехьара,
22 иза Далла хуур дацара ткъа,
Шена деган къайленаш евза дела?
23 ‡‡Хьо бахьанехь хӀора дийнахь тхо мостагӀаша хӀаллакдо.

† Корта 42 (Грекийн) *– Ӏебархойн меттан тептар тӀехь: *43.*
†† Корта 43 (Грекийн) *– Ӏебархойн меттан тептар тӀехь: *44.*

‡ *Якъубан халкъ *– иза Исраилан халкъ ду.** ‡† *Ӏебархойн тептар тӀехь: *Ва Дела, Хьо сан Паччахь ма ву! Якъубана толамаш бахар лохьа! *Грекийн гочдар тӀехь: *Хьо-м сан Паччахь а, сан Дела ву, Якъубан халкъ кӀелхьардаккха омра деш волу.** ‡‡ *43:23 Римхошка 8:36.*

Дайа кечдина уьстагIий санна царна хета тхо.
24 ГIаттахьа, Веза Эла, вижина хIунда Iа Хьо?
Самавалахьа, гуттаренна а дIа ма тасахь тхо!
25 Хьайн юьхь тхох къайла хIунда яьккхина те Ахь?
Тхо баланехь а, Iазапехь а хилар диц хIунда дина те Ахь?
26 Тхо ченаш юккъе охьаэгна,
тхан догIмаш лаьттах дIалетта.
27 ГIаттахьа тхуна гIоьнна,
Хьайн барам боцучу безаман дуьхьа
кIелхьардахахьа тхо.

### Паччахьо зуда ялорах лаьцна йолу йиш

44 † Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга: «Шушаним» олучу мукъамехь ала езаш ю. Кхорахьан тIаьхьенан йолу хьехаме назма. Безаман йиш.
2 Сан дага чуьра хаза дешнаш арадуьйлу,
сайн аяташ аса паччахьна лерина доху,
сан мотт говзачу йозанчин къолам бу.
3 Адамашна юкъара уггар исбаьхьаниг ву хьо.
Къамел дарна говза а ву хьо,
цундела Дала абаденналц декъалвина хьо.
4 ГIодаюкъах дехка, ва турпалхо, хьайн тур,
хьайн паччахьан сий а, исбаьхьалла а долу.
5 Хьайн хазаллица говр хаккахьа, толам а боккхуш,
билггал бакъдолчун а, кIедачу нийсонан а дуьхьа,
хьан аьтту куьйго хьуна инзаре хIуманаш гайтийтархьама.
6 Хьан ира пхерчий паччахьан мостагIийн дегнех чекхдовлийла.
Хьан когашна хьалха халкъаш охьаэгийла.
7 ††Дала делла хьан паччахьалла абаденналц лаьтта,
ткъа хьан паччахьалла нийсонан паччахьалла ду.
8 Нийсо а езаш, харцо ца еза хьуна,
цундела Дала къобалвина хьо,
хьан Дала хьан накъосташна чул а
хьуна алссам хазахетар делла.
9 Хаза хьожа йогIу деза даьтта а, *сарап* а, кассия а
хьан ерриг а тIеюхучу бедаршна тIехь ю.
Пийлан кIомсарех хаздинчу паччахьан цIеношна тIера
мерз-пондарийн мукъамаша хьан самукъадоккху.
10 Хьан долахь болу паччахьийн йоIарий лараме болчу зударшна юкъахь бу хьан.
Апар-махкара шена тIехь деши а долуш,
нускал ду хьуна аьтту агIор дIахIоьттина.
11 ЛадогIалахь, йоI, схьахьажалахь,
хьайн лерг а схьадерзаделахь,
хьайн халкъ а дицделахь,
хьайн ден цIа а дицделахь.
12 Паччахьна хьан хазалла езалур ю.
Иза хьан олахо волу дела,
хьо Цунна хьалха охьатаIалахь.
13 Цора-гIалара бахархоша совгIаташ дахьар ду,
къоман хьалдолчара хьо шайна резахилар лоьхур ду.
14 Паччахьан нускал паччахьан цIа чу доьду.
Ма хаза ду иза! Цуьнан духар дешица кечдина ду
15 Тир яьккхина духар тIехь а долуш,
иза паччахьна хьалха юьгу.
Нускална юххебовлу йоIарий а
цунна тIе балабо.
16 Самукъадаларца а, баккхийберца а
паччахьан цIа чу бовлу уьш.
17 Хьан дайн метта хьан кIентий дIахIуьттур бу, ва паччахь.
Дерриг а лаьтта тIехь, элий а бина, дIахIиттор бу ахьа уьш.
18 Массо а тIейогIучу тIаьхьенашкахь хьан цIе аса дагаоьхуьйтур ю.
Цундела халкъаша абаденналц хьан сий дийр ду.

### Дела вайца ву

45 ‡ Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга: Кхорахьан тIаьхьенан назма. ХIара йиш «Iаламут» олучу мукъамехь ала езаш ю.
2 Дела – вайн дIалочкъийла а ю, вайн ницкъ а бу,
вай де доьхна хьаьвзича, гуттар а кийча волу гIоьнча а ву.
3 Цундела вай кхералур дац,
ур-атталла латта дегийча а,
лаьмнаш хIордаш чу дахча а,
4 тулгIенаша гIовгIа яьккхича а,
хIордийн хиш ловзадевлча а,
шаьш меттахдахарна лаьмнаш дегийча а.
5 Цхьа татол ду Делан гIалин самукъадоккхуш.
Веза Воккха Дела Iаш волу еза меттиг ю цигахь.
6 Дела цу меттигна юккъехь ву, иза юхур яц.
Сатосучу хенахь дуьйна Дала цунна гIо дийр ду.
7 Халкъаш дарделла, пачхьалкхаш меттахъевлла.
Дала Шен аз хазийти, ткъа латта дешна дIадели.
8 Массо а ницкъийн Веза Эла вайца ву.
Якъубан Дела вай лардаран гIап ю.
9 Схьа а дуьйлий, хьовсийша Везачу Эло мел дечуьнга,
лаьттахь Цо кхочуш мел дечу инзаре гIуллакхашка.
10 Дуьненан йисте кхаччалц Цо тIемаш а совцабо,
секхаIад а дохадо, *гоьмукъ* а кагбо,
Цо турсаш а цIергахь дагадо.
11 ДIа а совций, Со Дела вуйла хаийша.
Халкъаша а лакхавоккхур ву Со,
лаьтта тIехь а лакхавоккхур ву Со.
12 Массо а ницкъийн Веза Эла вайца ву.
Якъубан Дела вай лардаран гIап ю.

† *Корта 44 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *45.**
†† *44:7, 8 Iебархошка 1:8, 9.*
‡ *Корта 45 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *46.**

### Дела дерриг а дуьненан Паччахь ву

46 † Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга:
Кхорахьан тIаьхьенан назма.
2 Ва массо а халкъаш, тIараш деттийша!
Даккхийдеран озаца Деле кхайкхийша!
3 Веза Воккха Эла кхераме ву.
Иза дерриг а дуьненан сийлахь Паччахь ву.
4 Халкъаш вайна муьтIахь дина Цо.
Къаьмнаш вайн когашка охьадехкина Цо.
5 Цо хаьржина вайна кхаьчна болу хIара мохк,
Цунна дезаш долчу Якъубан халкъо цунах
дозалла до.
6 Даккхийдеран аьзнаш айадарца хьалаваьлла
Дела,
коьман маIа лоькхучохь хьалаваьлла Веза Эла.
7 Вайн Далла ала иллеш,
вайн Паччахьна ала уьш.
8 Дерриг а лаьттан Паччахь ву Дела.
Массара а говза назма Цунна ала.
9 Массо а халкъашна тIехь Паччахь ву Дела.
Шен езачу Iаршехь охьахиъна ву Дела.
10 Кхечу къаьмнийн куьйгалхой гулбелла
ИбрахIиман Делан халкъаца цхьаьна.
ХIунда аьлча латта лардийраш Делан долахь бу,
ткъа Дела царал а лакхаваьккхина ву.

### Цийон – Делан гIала

47 †† Йиш. Кхорахьан тIаьхьенан назма.
2 Веза Эла сийлахь ву, хастам бан Иза чIогIа
хьакъ долуш а ву,
вайн Делан йолчу гIалахь, Цуьнан безачу лома
тIехь.
3 ‡Цийон-лам шен локхаллица хаза бу,
дуьненан хазахетар а иза бу.
Цуьнан къилбаседехьа агIор
сийлахьчу Паччахьан гIала ю.
4 Цуьнан гIепашкахь волчу Дала
нах ларбийриг Ша хилар гайтина.
5 Паччахьаш, цхьаьна а кхетта,
гIалина тIелата тIебахара.
6 И дерриг ган а гина, Iадий уьш,
боха а боьхна, дIабевди уьш.
7 Кхерамо, бохийна, хьовзий уьш,
берах хьийзош йолу зуда санна,
8 доккхачу хIордкеманашна дуьхьал
малхбалера хьаькхначу дарцо санна.
9 Хьалха тхуна Делан гIуллакхех лаьцна хезна,
ткъа хIинца уьш ги тхуна тхайн Дела волчу
массо а ницкъийн Везачу Элан гIалахь.
Дала и гIала гуттаренна а латтайо.
10 Ва Дела, Хьан хедар боцучу безамах лаьцна
ойланаш йо оха, Хьан цIийнан кертахь лаьтташ.
11 Веза Дела, лаьттан йистошка кхаччалц
йоккхуш йолу Хьан цIе санна бу Хьуна бо
хастамаш.
Хьан аьтту куьг ду нийсонах дуьзна.
12 Цийонан нехан самукъа а долийла.
Хьан бакъйолу кхелаш бахьанехь
ЯхIуд-мехкан ярташна хаза а хетийла.
13 Цийон-ломана гонах чекх а довлий,
цунна го а баккха, цуьнан бIаьвнаш ягар а е.
14 Цуьнан арахула йолчу чIагIонийн тидам бе,
дикка хьажа цунна чохь йолчу гIепашка,
царах лаьцна дийцархьама хинйолчу
тIаьхьенашка:
15 «И Дела абаденналц вайн Дела ву.
Вай делла дIадовллалц Иза вайн урханча ‡‡ ву».

### Шайн хьолах тешна Iаш болчеран сонталла

48 ‡‡ Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга:
Кхорахьан тIаьхьенан назма.
2 ЛадогIалаш ас бохучуьнга, массо а халкъаш!
ХIара тидаме эцалаш, дуьнен чохь дехаш мел
долчара:
3 кIезиг долчара а, цIеяхана долчара а,
къечара санна, хьал долчара а.
4 Сан багано хьекъале хIума эр ду.
Сан деган ойланаш кхетамах юьзна хир ю.
5 Сайн лерг хьекъалечу кицанна тIедерзор ду ас.
Сайн хIетал-металан маьIна мерз-пондар
лакхарца дIадоьллур ду ас.
6 Стенна кхера веза со сайн де доьхначу
деношкахь,
суна тIаьхьабевллачеран къиноша суна го бинчу
хенахь?
7 Уьш шайн бахамах тешна Iаш а бу,
шайн доккхачу хьолах дозалла деш а бу!
8 ХIуъа дича а, адаме стаг паргIатваккхалур вац.
Цуьнга оцу стеган дахарх Далла мах балалур бац.
9 Адаман дахарх болу мах тIех боккха бу,
вайга иза цкъа а балалур а бацара,
10 адам гуттаренна дехаш хилийтархьама а,
вахкавалар гар цуьнан ца хилийтархьама а
11 ХIоранна а го хьекъалалла дерш леш хилар.
Иштта леш хуьлу кхетам боцурш а, сонтанаш а.
Цара массара а шайн бахам шайн тIаьхьенна
буьту.
12 Къуббанаш ду церан цIеної гуттаренна а,
и хIусамаш тIаьхьенашкара тIаьхьенашна юьсур
ю церан.
Цара шайн мехкашна шайн цIераш тохку.
13 Амма адам, цуьнан мел доккха хьал делахь а,
гуттаренна а ца дуьсу оцу лаьттахь.
Иза а тарло леш долчу бежанех.
14 Иштта хир бу сонталла йолчеран кхоллам а,
цара аьлларг къобалдечарах хиндерг а.
15 Уьш, уьстагIий санна, *эхарт* чу бухкур бу.
ЖаIуьно дIадуьгу жа санна, Iожалло дIаоьцур бу
уьш.

† *Корта 46 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *47.**
†† *Корта 47 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *48.**
‡ *47:3 Маттай 5:35.*
‡‡ *Урханча *– некъ гойтург, хьалхаваьлларг.** ‡‡ *Корта 48 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *49.**

Іуьйранна Делан лаамехь болчара
церан кешнаш хьошур ду.
Церан куьцаш дІадевр ду
эхартехь, шайн хІусамашна геннахь.
16 Эхартан олаллех паргІатдоккхур ду сан са,
Дала билггал кІелхьарвоккхур ву со.
17 Ма хьегалахь, хьал сов а дуьйлуш,
сийлалла лакхадолучу адамах.
18 ХІунда аьлча ша дІакхелхачу хенахь
цо шеца хІумма а дІахьур яц.
Цуьнан сийлалла цунна тІаьххье дІагІур дац.
19 Ша вехачу хенахь цо шен синна там берг
леладахь а,
цо аьтто баккхарна наха цуьнан сий дахь а,
20 цкъа а серло гур йоцуш болчу,
шен беллачу дайх дІакхетар ву иза.
21 Адам хьал долуш делахь а,
цуьнан кхета ницкъ ца кхочу,
леш долчу бежанех тарло иза а.

## Далла билггал бакъдолу Іибадат дар

49 † Асайпан назма.
Деланийн Дела волчу Везачу Эло Шена
тІекхойкху
малхбалера дуьйна малхбузе кхаччалц долу
дерриге а латта.
2 Хазаллехь кхоччуш болчу Цийон-лома тІера
Дела Шен нуьраца серлавуьйлу.
3 СхьавогІур ву Вайн Дела,
амма тийналлица вогІур вац Иза.
Дерриг хІума а дІакхоллуш йолу цІе ю Цунна
хьалха,
чехкабаьлла мох бу Цунна гонах.
4 Лакхарчу стигале а, иштта лаьтте а кхайкхам бо
Цо,
Шен халкъана Ша кхел ярхьама:
5 «Схьагулбе Со волчу Суна тешаме берш,
сагІа даккхарца Соьца барт бинарш».
6 Стигалша Цуьнан нийсо кхайкхайо,
хІунда аьлча Дела – Ша ву Кхелахо.
7 «ЛадогІа, Сан халкъ, Ас дош эр ду.
Исраилан халкъ! Ас хьуна дуьхьал тоьшалла
дийр ду.
Со Дела ву, хьан Дела ву!
8 Ахь дохучу сагІанашна дуьхьал эр дац Ас хІумма
а –
хьан дийнаташ дагоран сагІанаш гуттара а ду
Суна хьалха.
9 ХІетте а, Ас хьан цІентІера стерчий а схьаоьцур
дац
я хьан гІотанашкара бежалой а тІеоьцур яц.
10 ХІунда аьлча хьаннашкара ерриг акхарой а Сан
ю,
эзар лаьмнашкара хьайбанаш а Сан ду.
11 Лаьмнаш тІера дерриг олхазарш а девза Суна,
аренгара бежанаш а ду Суна хьалха.
12 Нагахь Со мацвелча а, хьоьга эр дацара Ас,
хІунда аьлча Сан ду дерриг дуьне а,
цунна чохь мел долу хІума а.
13 Стерчийн жижиг дууш ву ткъа Со,
я бежалойн цІий молуш ву ткъа Со?
14 Хьа Далла сагІина хьайн хастамаш а бе,
айхьа Веза Воккхачунна дина нигат кхочуш а де.
15 Хьайн де доьхча, Соьга кхайкха.
Ас хьо кІелхьарвоккхур ву, ахьа Сан сий дийр ду».
16 Амма Іесачуьнга Дала иштта боху:
«Ас тІедехкинарш а хІунда кхайкхадо ахь,
Соьца бина барт а хІунда бу хьан багахь?
17 Ткъа хьо нисвар хьуна бІаьрга дан ца деза,
Сан дешнаш а хьайна тІехьа дІатотту ахьа.
18 Хьайна къу гича, цуьнца а лела хьо,
сийсаза лелачаьрца а хьо-со хуьлу хьан.
19 Ахь хьайн багах вон дешнаш а довлуьйту,
хьан матто мекарло а кхуллу.
20 Охьа а хаий, хьайн веших лаьцна вониг олу ахь,
хьайн ненан кІантах лаьцна харцдерг кхуллу ахь.
21 Ахь иза леладора, ткъа Со вист ца хуьлура.
Хьуна-м Со хьайх тера ву моьттира.
Амма хІинца Ас хьуна тІехдеттар а ду,
хьан бІаьргашна хьалха Ас хьох бехк боккхур а
бу.
22 Кхеталаш хІокхунах, Дела вицвинарш,
Соьга шаьш хьийза ца дайтархьама,
шу *кІелхьардохург* ца хиларна.
23 Суна сагІина хастамаш бахьаш волчо Сан ларам
бо.
Ша лела некъаш нисдеш волчунна
Ас Делера долу кІелхьарвалар гойтур ду».

## Гечдаран доІа

50 †† Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга:
Даудан назма. 2 ‡Дауд Бат-ШабаІах кхеттачул
тІаьхьа, иза волчу Ната-пайхамар веана хиларх
лаьцна.
3 Веза Дела, Хьайн хедар боцучу безамца гечдехьа
суна.
Хьайн боккхачу къинхетамца дІадахахьа сан
къинош.
4 Хино дІайоху модаш санна,
дІаяхахьа сан харцонаш,
сан къинойх цІанвехьа со.
5 Сайн харцонашна къера ву со,
айса латийна къа гуттар а суна хьалха ду.
6 ‡‡Хьуна хьалха, Хьуна цхьанна хьалха къа
латийна ас,
Хьан бІаьргашна хьалха хьарамниг дина,
цундела со бехке варехь Хьо нийса а ву,
кхел ярехь цІена а ву.
7 Харцонца вара со дуьнен чу ваьлчхьана дуьйна,
сайн ненан кийрара дуьйна къа ду аса
схьадахьаш.
8 Сан даг чохь бакъдерг хилар лууш ву Хьо,
цундела сан коьрте хьекъал доуьйту Ахь.

† *Корта 49 (Грекийн) *– Іебархойн меттан тептар тІехь: *50.**

†† *Корта 50 (Грекийн) *– Іебархойн меттан тептар тІехь: *51.** ‡ *50:2 Дауд 12:1-15.* ‡‡ *50:6 Римхошка 3:4.*

9 Ярийн курсаца цинцаш тохахьа суна тIе,
тIаккха со цIена хир ву,
хих ваккхахьа со,
тIаккха лонал а кIайн хир ву со.
10 Хазахетар а, самукъадалар а хазийтахьа суна,
тIаккха Ахь кегйина даьIахкаш самукъадаьлла
хир ю сан.
11 Сан къиношна тIера дIаверзий,
сан харцонаш дIаяхахьа.
12 Суна чохь цIена дог кхоллахьа, Дела,
суна чуьра тешаме са карладаккхахьа.
13 Хьайна хьалхара со дIа ма ваккхахьа,
Хьайн Деза Са соьгара дIа ма даккхахьа.
14 Ахь кIелхьарваккхарна долу хазахетар юхалохьа
суна,
Хьуна муьтIахь хила лууш долчу Синехь
чIагIвехьа со.
15 Нийсонца лелаш боцурш Хьан новкъа ас бохур
бу,
тIаккха галбевлларш Хьуна тIебоьрзур бу.
16 Со кIелхьарвоккху Дела,
цхьаннан цIий Iанорах ларвелахь со,
тIаккха ас Хьан нийсо хастор ю.
17 Веза Эла! Схьаеллахьа сан бага,
тIаккха цо Хьуна хастам кхайкхор бу.
18 Ас сагIа доккхур дара Хьуна,
амма Хьуна ца деза иза.
Хьайна лерина дийнаташ дагорна а
Хьо реза вац.
19 Доьхна са – иза Далла луш долу сагIа ду.
Дохкодаьлла а, муьтIахь долу а дог Ахь дIатоттур
дац, Дела.
20 Хьайн лаамца къинхетам бехьа Цийон-гIопах,
Ярушалайман пенаш ирахIиттадехьа.
21 ТIаккха Хьо реза хир ву бакъдолчу сагIанашна,
дийнаташ дагоран сагIанаш а тамехь хир ду
Хьуна,
тIаккха Хьан сагIа доккхучу кхерча тIе
стерчий дохкур ду.

### Делан кхел а, Делан къинхетам а

51 † Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга:
Даудан хьехаме назма, 2 ††эдомхочо ДуагIа,
Дауд Ахьи-Маликан цIийне веана аьлла, Шауле
мотт тоьхначул тIаьхьа аьлла йолу.
3 Айхьа зулам дарх дозаллаш стенна до ахь,
нуьцкъала стаг?
Дела массо а ханна тешаме ву.
4 Хьан матто хIаллакьхилар дуьйцу,
ира урс санна бу хьан иза, ямартниг!
5 Хьуна воних дикачул алсам деза,
бакъдолчул а харцдерг алсам дийца лаьа хьуна.
6 Зуламе къамелаш деза хьуна, ямарта мотт.
7 Дала, хIаллаквина, дIавоккхур ву хьо,
цIа чуьра араккуссур ву,
дийначийн лаьтта тIера хьан орам а дIабоккхур
бу.
8 Иза а гина, Делан лаамехь берш ларамах буьзна
хир бу.
Уьш боьлур бу цунах:
9 «Делах шен чIагIо а ца еш,
шен доккхачу хьолах а тешна,
зуламаш тIехь чIагIвелла вара и стаг».
10 Ткъа со *Делан цIа* чохь зазадоккхуш долу *зайт-
дитт* санна ву,
ерриг а тIейогIучу ханна Делан хедар боцучу
безаме сатесна а ву.
11 Ахь динчунна гуттар а Хьуна хастам бийр бу ас.
Хьан цIарах догйовха хилла, иза хастор ю Хьуна
тешамечу нахана хьалх◈.

### Адамийн Iесалла

(Забур 13)

52 ‡ Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга:
Даудан хьехаме йолу хIара назма «Махьалат»
олучу мукъамехь лакха езаш ю.
2 ‡†Сонтачара шайн дагахь боху: «Дела вац».
Уьш ма телхина бу, цара лелориг ма дегаза хIума
ду.
Царах цхьа а диканиг дийриг вац.
3 Стигалшкара адамашка
охьахьоьжу Дела,
цхьа а кхетамехь верг а вуй те,
Дела лоьхург а вуй те, Шена гархьама.
4 Берриш а нийсачу некъа тIера дIабирзина,
уьш массо а талхарх буьзна.
Царах цхьа а диканиг дийриг вац,
ур-атталла цхьаъ-м вац.
5 Кхетаме богIур болуш а бац те
харцонаш лелош мел берш,
шаьш бепиг дууш санна, сан халкъ дIакхоллурш,
ткъа Деле ца кхойкхурш?
6 ЦIеххьана царна тIе кхерам тосур бу,
кхераме хIумма а дацахь а, хIунда аьлча
хьуна дуьхьалбевллачеран даьIахкаш Дала
дIасаяржор ю.
Ахь юьхьIаьржачу хIиттор бу уьш, Дала уьш
дIатесна дела.
7 Исраилан халкъана *кIелхьардовлар*
Цийон-лома тIера догIур делахьара!
Шен халкъ Дала юхаметтахIоттийча,
Якъубан халкъан сакъералур дара,
Исраилан халкъан самукъадер дара.

### МостагIех ларваран доIа

53 ‡‡ Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга:
Даудан хьехам болу назма. Дечиг-пондарца
ала езаш ю иза. 2 ‡‡†Зипахоша, Шаулна тIе а

*† Корта 51 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *52.**
*†† 51:2 Шамъал 22:9, 10.*

*‡ Корта 52 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *53.**
*‡† 52:2-4 Римхошка 3:10-12. ‡‡ Корта 53 (Грекийн) *–*
*Iебархойн меттан тептар тIехь: *54.* ‡‡† 53:2 Шамъал 23:19;*
*26:1.*

баьхкина: «Тхо долчохь къайла-м ца ваьлла те
Дауд?» – аьллачу хенах лаьцна.
3 Ва Дела! Хьайн цIарца кIелхьарваккхахьа со,
Хьайн ницкъаца бехказаваккхахьа со.
4 Ва Дела! Сан доIа хазахьа,
сан багара дешнашка ладогIахьа.
5 Хийра нах дуьхьалбевлла суна,
нуьцкъалчара сан са лоьху.
Цу нехан Дела вац.
6 Дела сан гIоьнча ву.
Везачу Эло дог чIагIдо сан.
7 Сан мостагIаша дина зулам царна тIе
юхадерзадехьа,
Хьо тешаме хиларна, хIаллакбехьа уьш.
8 Ас леррина сагIа доккхур ду Хьуна,
Хьан цIе а хастор ю, Веза Эла,
хIунда аьлча иза дика ю.
9 Ахь кIелхьарваьккхи со берриг а баланех,
сайн мостагIашна тIехь толам баккхар гина сан
бIаьргашна.

## ДоттагIашкахьара ямартло хиллачо дина доIа

54 † Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга:
мерз-пондарш тIехь ала езаш йолу Даудан
хьехаме назма.
2 Дела, сан доIа дIа а хазахь,
сан дехарх къайла а ма валахь.
3 Сан тергам а бехьа, суна жоп а лохьа.
Сан дог а доьхна, со гIайгIанехь а ву.
Со карзахвуьйлу, 4 мостагIчун аз хазарна а,
Iесачара суна гIело ярна а,
хIунда аьлча цара суна дуьхьал зулам а леладо,
уьш дераллица дуьхьал а бевлла суна.
5 Сан кийрарчу даго а хьийзаво со,
Iожаллин къемато а дIалаьцна со.
6 Кхерар а, вегавар а тIедеана суна,
Iада а вина, воьхна хьийза со.
7 Цундела ас элира: «Кхокханан санна
долу тIемаш суна хьан лур дара?
Со, тIема а ваьлла, паргIатвер вара.
8 Со, генна дIа а вахана,
яьссачу аренгахь вуьсур вара.
9 Йилбазмохах а, дарцах а
со дIалачкъа сихлур вара».
10 Хьалдолу Эла, меттанаш э а дай,
къамел карзахдаккхахьа сан мостагIийн.
Къизалла а, барт цахилар а го суна гIалахь.
11 Дийнахь а, буьйсанна а
цу гIалин пенаш тIехула го боху цара.
Цу гIалахь зуламаш а, баланаш а бу.
12 Цунна чохь бохамаш а хуьлу.
Цуьнан майданашкара нахана гIело яр а,
мекарлонаш лелор а дIа а ца долу.
13 Ткъа сан мостагIа вац со емалвийриг –
иза-м ас ловр дара.
Суна кураллаш йийриг со цавезарг вац –
цунах-м со къайлавер вара.
14 Амма хьо ма ву иза, сан тайпанара верг –
сан уллора доттагIа, со тешна Iаш верг.
15 Вайшиммо вовшашка дагара а дуьйцура,
адамийн тобанна юкъахь вайшиъ цхьаьна
Делан цIийнан керта а воьдура.
16 Сан мостагIашна тIе цIеххьана Iожалла
йогIийла.
Дийна боллушехь уьш эхарте боьлхийла,
хIунда аьлча вониг царна юкъахь долуш ду,
вониг церан дегнаш чохь долуш ду.
17 Ткъа со-м Деле кхойкхуш ву,
Везачу Эло со кIелхьар а воккхур ву.
18 Суьйранна а, Iуьйранна а, делкъахенахь а
со латкъамаш беш а ву, узарш деш а ву,
ткъа Цунна сан аз дIахезар ду.
19 Суна дуьхьал бинчу тIамах
Цо со маьршачу метте воккхур ву,
суна дуьхьалбевлларш алссам белахь а.
20 Азалера дуьйна олалла деш волчу Далла
со дIа а хезар ву, Цо уьш сийсаз а бохур бу.
Уьш цкъа а хийца ца бели,
хIунда аьлча уьш Делах кхоьруш бац.
21 Сан доттагIа хиллачо шен накъосташна дуьхьал
куьг айдина,
цаьрца ша бина барт цо боха а бина.
22 Цуьнан бага даьттанал а кIеда ю,
амма цуьнан даг чохь мостагIалла ду.
Цуьнан дешнаш зайтдаьттанал а кIеда ду,
ткъа уьш, баттара даьхна тарраш санна, ира ду.
23 ††Хьайн гIайгIанаш Везачу Элана тIеяхка,
ткъа Цо хьо чIогIа лоттуьйтур ву.
Шен лаамехь верг Дала
цкъа а дIасатоьхкуьйтур вац.
24 Амма Ахьа, Дела, уьш кIоргачу эхарта чу туьйсур
бу.
Адамийн цIий Iеночара а, мекарлонаш лелочара
а
шайна дуьнен чохь яккха еллачу хенан аххан а
йоккхур яц.
Ткъа со Хьох тешна Iаш хир ву.

## Делах дегайовхо хиларх долу доIа

55 ‡ ‡‡Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга:
«Генахь дIатийна кхокха» олучу мукъамехь
ала езаш ю. Гати-гIалахь ша пIелаштамхоша
дIалаьцначу хенахь Дауда язйина назма ю иза.
2 Къинхетам бехьа сох, Дела!
МостагIаша эккхийна лелош ву со,
хIора дийнахь тIелеташ, цара ницкъ бо суна.
3 Сайн кIесаркIога чохь церан садеIар
хаало суна хIора дийнахь.
Сийлахьниг, дукха бу суна дуьхьалбевлларш!
4 Со кхоьручу хенахь
Хьох дегайовхо ю сан.
5 Делехь ас хастадо Цуьнан дош,
Делах ю сан дегайовхо, со ца кхоьру.

† *Корта 54 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *55.**

†† *54:23 1 Кипин 5:7.* ‡ *Корта 55 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *56.** ‡‡ *55:1 Сулим 21:13-15.*

ХӀун дийр ду суна гӀорасизчу адамо?
6 Денна а мостагӀаша хуьйцу сан дешнаш,
сох йолу церан ойланаш зуламна ю.
7 Вовшех а бетталуш, теба а тебаш,
со воьду меттиг ларйо цара,
сан са эцархьама.
8 Шаьш лелочу харцонна *кӀелхьардовлар* хир дуй
те царна?
Дела, Хьайн оьгӀазаллица таӀзар дехьа цу нахана.
9 Ахь дагардина сан дакъазаваьлла леларан
денош.
Сан бӀаьрхиш Хьо волчуьра пхьегӀи чу гулделла,
Хьан тептар тӀехь-м дац те уьш?
10 Сан мостагӀий юхабовлу, со Хьоьга кхайкхича,
хӀунда аьлча суна хаьа Дела сайгахьа вуйла.
11 Делехь ас хастадо Цуьнан дош,
Везачу Элехь ас хастадо и дош,
12 Цунах ю сан дегайовхо, со ца кхоьру.
ХӀун дийр ду суна адамо?
13 Хьуна йина чӀагӀонаш кхочушъяр ду суна тӀехь.
Хьуна баркаллин сагӀанаш дохур ду ас.
14 Ахь валарх кӀелхьарваьккхи со,
сан когаш совцучуьра ларби,
дахар лучу серлонгахь
Далла хьалха со лелийта.

### ГӀо доьхуш дина доӀа

56 † ††Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга:
«ХӀаллак ма ве со» олучу мукъамехь лакха
езаш ю. Шаулах ведда, хьеха чу ша вахча, Дауда
язйина назма ю иза.
2 Къинхетам бехьа сох, Дела,
къинхетам бехьа,
Хьох ю сан дегайовхо.
Хьан тӀома кӀел лечкъар ву со,
сайн бохамаш дӀабовллалц.
3 Веза Воккхачу Деле кхойкхур ву со,
Шен Ӏалашо суна лерина кхочушъечу Деле.
4 Цо, стигалара гӀо а даийтина, со кӀелхьарвоккхур
ву,
со лаца гӀерташ берш юьхьӀаьржачу хӀиттор бу.
Дала Шен безам а, бакъдерг а лур ду.
5 Сан са лоьмашна юкъахь ду.
Цергех гоьмукъаш а, пхерчий а дина,
маттех ира тарраш а дина,
Ӏачу адамийн кӀенташна юкъахь Ӏуьллу со.
6 Стигалал лакха хьалаволийла Хьо, Дела,
дерриг а лаьтта тӀехь Хьан сийлалла лаьттийла!
7 Со лаца кечбина гур бара,
гӀайгӀанехь вара со.
Суна хьалха ор даьккхира цара,
амма шаьш цу чу ийгира.
8 Сан дог Хьох тешна ду, Дела, Хьох тешна ду иза:
ас, илли а олуш, хастам бийр бу Хьуна.
9 ГӀаттахьа, сан сийлалла, гӀаттахьа!
Самабала, мерз-пондар!
ГӀатта, Ӏад хьоккху пондар!
Малх самабоккхур бу ас.
10 Халкъашна юкъахь, Веза Эла, Хьо ас хастор ву,
Хьох лаьцна нахана хьалха иллеш эр ду.
11 Стигала кхаччалц бу Хьан безам,
мархаш тӀе кхаччалц ду Хьан тешаме хилар.
12 Стигалел лакха хьалаволийла Хьо, Дела,
дерриг а лаьтта тӀехь Хьан сийлалла лаьттийла!

### Ӏесачарна таӀзар дар доьхуш Деле дина доӀа

57 ‡ Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга:
«ХӀаллак ма ве со» олучу мукъамехь лакха
езаш ю. И назма Дауда язйина ю.
2 Нийсо билггал кхайкхайой те аша, куьйгалхой?
ЦӀеначу дегнашца йой теша аша адамашна
юкъахь кхел?
3 Дегнаш чохь харцонаш кхуллу аша.
Шайн куьйгийн къизалла махкахь узу аша.
4 Дуьнен чу бовллушехь, нийсачу некъана тӀера
дӀабевлла Ӏесанаш.
Харцдерг а дуьйцуш, ненан кийрара
схьабовллушехь, тилабелла уьш.
5 Церан дӀовш лаьхьанан дӀовш санна ду.
Иза шен лергаш дӀакъовлуш болчу,
къорачу лаьхьанан дӀовш санна ду.
6 Царна ца хеза лаьхьа тебечун аз,
молханаш лелош верг мел говза велахь а.
7 Дела! Церан багара цергаш кегъехьа!
Веза Эла! Цу лоьмийн мочхалш атахьа!
8 ДӀадоьду хи санна, уьш тӀепаза дӀабойийла.
Шайн Ӏад цара дуьйлича, пхерчий кегделча
санна хуьлийла.
9 ДӀайоьддушехь, ешна дӀайолу этмаьӀиг санна,
дӀабовлийла уьш.
Остаяьллачу зудчун берана санна, царна малх ма
гойла.
10 Ешна кӀел йогучу коьллех цӀе латале,
ховха я екъа уьш елахь,
йилбазмохо дӀасаяржийна
коьллаш санна уьш хуьлийла.
11 Бина бекхам шена гича,
Делан лаамехь волчунна хазахетар хир ду.
Цо Ӏесачун цӀийлахь шен когаш буьлур бу.
12 ТӀаккха адамо эр ду:
«Билггал хуьлу Делан лаамехь волчунна стом!
Иштта, волуш ву дуьнен чохь кхел еш волу
Дела!»

### Ларвар доьхуш дина доӀа

58 ‡‡ ‡‡Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга:
«ХӀаллак ма ве со» олучу мукъамехь лакха
езаш ю. Шаула Дауд верхьама цуьнан цӀа долчу
кӀелховша нах бахийтича, Дауда язйина назма ю
иза.
2 Сан Дела, мостагӀех со кӀелхьарваккхахьа!

---

† *Корта 56 (Грекийн) *– Ӏебархойн меттан тептар тӀехь: *57.**
†† *56:1 Шамъал 22:1; 24:4.*

‡ *Корта 57 (Грекийн) *– Ӏебархойн меттан тептар тӀехь: *58.**
‡‡ *Корта 58 (Грекийн) *– Ӏебархойн меттан тептар тӀехь: *59.**
‡‡ *58:1 Шамъал 19:11.*

Суна дуьхьалбевллачех со ларвехьа.
3 Харцо лелочарах со Iалашвехьа,
цIий Iанор дезаш болчарах со кIелхьарваккхахьа.
4 Уьш сан синна кIелхевшина бу.
Ас зулам дина я къа латор бахьана долуш,
гуллуш бац нуьцкъалнаш суна дуьхьал, Веза Эла.
5 Сан бехк боццушехь, суна тIелата дIагуллуш бу уьш.
Орцах а валий, хьажахьа соьга.
6 Массо ницкъийн Веза Дела,
Исраилан халкъан Дела,
самавалахьа дерриг халкъашна дуьхьалвалархьама,
Мекарчарах цхьаннах а къинхетам ма бехьа.
7 Суьйранна схьабогIий,
жIаьлеш санна, угIу уьш,
гIалина гонах а лелаш.
8 Харцдерг дуьйцу церан меттанаша.
Тарраш санна, ду уьш.
«Хьанна хезар ду тхо?» – боху цара.
9 Амма, Веза Эла, Хьо воьлуш ву царах.
Ахь юьхьIаьржачу хIиттор ду дерриг а халкъаш.
10 Ва сан Ницкъ, Хьоьга ас кхойкху,
хIунда аьлча Хьо, Дела, сан гIап ю.
11 Со везаш волу сан Дела суна хьалхавер ву.
Дала со сайн мостагIашна тIехула хьоьжуьйтур ву.
12 Цкъачунна хIаллак ма бе уьш, хилларг сан халкъана диц ца далийта.
Хьайн ницкъаца дIасакхиссинчул тIаьхьа, эшабе уьш,
Веза Эла, тхо лардеш верг.
13 Церан матта тIера дош баганца латийна къа ду.
Шайн куралла бахьана долуш юьхьIаьржачу хIуьттийла уьш,
шаьш дуьйцу неIалт а, харцдерг а бахьана долуш.
14 Хьайн оьгIазаллица, хIаллакбай,
дIабахахьа уьш.
ДIахоийла царна Якъубан махкана тIехь Дела вуйла а,
Цуьнан олалла дуьненан йисте кхаччалц дуйла а.
15 Суьйранна схьабогIий,
жIаьлеш санна, угIу уьш,
гIалина гонах а лелаш.
16 Юург лоьхуш, кхерста шайна,
меца а долуш, гIигI а деш.
17 Хьан ницкъах лаьцна ас иллеш эр ду,
Iуьйранна хьалхxе дуьйна Хьан къинхетам кхайкхор бу,
хIунда аьлча суна тIе хало хIоьттича,
Хьо сан гIап а, кIелхьарволу меттиг а хилла.
18 Дела, сан ницкъ!
Хьо хастор ву ас,
хIунда аьлча Хьо сан гIап а,
со везаш волу Дела а ма ву.

### Исраилан халкъ кIелхьардаккхар доьхуш дина доIа

59 † Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга: «Бертан лили» олучу мукъамехь ала езаш ю.
ХIара хьехаме назма Дауда язйинера, 2 ша Арам-
НахIараим-махкахь †† а, Цоба-махкахь ‡ а
арамхошца тIом бечу хенахь а, Йоаба, цигара юха
а вирзина, Дуьрачу тогIи чохь шийтта эзар эдомхо
хIаллаквинчу хенахь а.
3 ‡†Ва Дела! Ахь дIатесна тхо, Ахь дохийна тхо.
Хьо оьгIазвахана тхуна – хIинца юхаметтахIоттадехьа тхо!
4 Ахь латта ластийна, Ахь иза дохийна.
Цуьнан йоьхна меттигаш меттахIиттаехьа,
хIунда аьлча иза лесташ ду.
5 Ахь Хьайн халкъана къизалла йовзийтина,
тхо дIасатехкадолуьйту чагIар малийна Ахь тхуна.
6 Хьайга ларамах буьзначарна
Ахьа байракх хьалаайина,
уьш Iодах кIелхьарбовлийтархьама.
7 Хьайн аьтту куьйгаца тхо кIелхьар а дахахьа,
оха деш долу доIанаш дIа а хазахьа,
Хьайна безнарш паргIатбовлийтархьама.
8 Дала Шен езачу меттехь аьлла: «Толамах воккха а веш,
Аса Шехем-гIала а йоькъур ю, Сакхат-тогIи а дIасайоькъур ю.
9 ГалIад-мохк а Сан бу, Маннаш-мохк а Сан бу,
Эпрайм-мохк Сан коьртан чIагIо ю,
ЯхIуд-мохк – Сан паччахьаллин гIаж ю.
10 Муаби-мохк – Сан юьхь-куьгдуьлург ю.
Эдом-махкана тIе Сайн мача кхуссур ю Ас,
иза Сайн хилар дIагайтархьама.
Хьайн аз айадай, Соьга кхайкха, ПIелаштам-мохк!»
11 ЧIагIйинчу гIали чу хьан воккхур ву со?
Эдом-махкана тIе хьан вуьгур ву со?
12 Тхо дIатеснарг Хьо-м вац те, ва Дела?
Тхан эскаршца аравер вац те Хьо, ва Дела?
13 ГIо дехьа тхуна мостагIех тхаьш лардайта,
хIунда аьлча пайден дац адамашкара хуьлуш долу гIо.
14 Делаца цхьаьна оха толам боккхур бу,
тхан мостагIий Цо дIахьошур бу.

### Синца чIагIвар доьхуш дина доIа

60 ‡‡ Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга: хIара Даудан назма дечиг-пондаршца ала езаш ю.
2 ДIахазахьа, ва Дела, сан деган тийжам,
бехьа, сан Дела, сан доIанан тергам.

---

† *Корта 59 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *60.**
†† *Арам-НахIараим-мохк *– иза Месопотама-махкахь къилбаседе-малхбузехьа лаьтташ бара.** ‡ *Цоба-мохк *– иза Сири-махкахь бара, Дамасакх-гIалина къилбаседехьа.** ‡† *59:3 Дауд 8:13; 1 Шерашкахь 18:12.* ‡‡ *Корта 60 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *61.**

3 Кхайкхам бо ас Хьоьга кху лаьттан йистера
сайн эшначу дагца.
Сол лекха йолчу тарха тIе а ваккхий,
дIахIоттавехьа со хIинца,
4 со къайлавоккхург а Хьо волу дела,
сан мостагIашна дуьхьал онда бIов санна а Хьо волу дела.
5 Вехийла со даим а Хьан цIа чохь,
къайлаволийла со Хьан тIемаш кIел.
6 Сан Веза Эла, ас йина чIагIо дIахезна Хьуна.
Хьох кхоьруш болчарна догIучу *шеретах* дакъа суна а делла Ахьа.
7 Паччахьан денош Ахь, Веза Эла, дахдехьа,
тIаьхьенашкара тIаьхьене шераш а дахдехьа.
8 Хуьлийла и Хьоьца массо а ханна.
Ларвойла Ахь иза Хьайн хедар боцучу безамца а, тешаме хиларца а.
9 Эр ду ас даим Хьох лаьцна илли,
кхочушъеш даим айса йина чIагIо.

### Делах тешна Iаш хилар

61 † Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга: Ядутуне. Даудан назма.
2 Сан синан синтем Делаца бен ца хуьлу.
Сан кIелхьарвалар Цуьнгара ду.
3 Иза цхьаъ ю сан *тарх* а, сан кIелхьарвалар а.
Иза ю сан гIап, со кхин меттахвер вац.
4 Мел бийр бу те аша стагана ницкъ?
Шу дерриш а иза хIаллакван гIерта.
Иза сеттина пен санна ву,
охьаяха гергга йолу йоьхна керт санна ву.
5 Иза лакхара охьатаса дагадеана царна,
харцдерг дуьйцу цара. Багахь иза декъалво,
ткъа дегнаш чохь цунна неIалташ кхайкхадо цара.
6 Сан са, Делера цхьаьнгара леха хьайна синтем!
Сан дегайовхо Иза бен яц.
7 Иза цхьаъ ю сан тарх а, сан кIелхьарвалар а.
Иза ю сан гIап, со кхин меттахвер вац.
8 Сан кIелхьарвалар Делах дозуш ду,
сан сий а Цунах дозуш ду.
Сан нуьцкъала тарх а Иза ю,
суна дIалачкъа меттиг а Иза ю.
9 Халкъ! Муьлххачу хенахь а Цунах тешна хила.
Шайн дегнаш Цунна хьалха делхаде.
Дела ву вайна дIалачкъа меттиг.
10 КIезиг берш доIу са бен бац.
ЦIеяхна берш хIумма а доцург бен бац.
Терзанна тIедехкича, церан барам бац.
Уьш доIучу синан барамехь бен дац.
11 ГIело еш даькккхинчух тешна а ма Iе,
шаьш лачкъийна даькккхинчух дозаллаш а ма де.
Хьал алсамдуьйлуш делахь а,
шайн дегнаш цунна дIа а ма ло.
12 Кест-кеста Дала олура,
ткъа суна иза дукхазза а хезара:
ницкъ а, ва Дела, Хьоьгахь бу,
13 ††безам а, Хьалдолу Эла, Хьан бу.
Ша-ша динчу гIуллакхашка хьаьжжина,
Хьо хIоранна а доггIург дIалуш ву.

### Деле сатийсар

62 ‡ ‡‡ЯхIуд-махкарчу яьссачу аренгахь ша волуш Дауда аьлла йолу назма.
2 Дела! Хьо сан Дела ма ву!
Сан даго Хьо даим а лоьху!
Хьоьга сатуьйсуш ду суна чуьра са а.
Кху даьссачу, дакъаделлачу, хине сатуьйсучу лаьтто санна,
Хьоьга сатуьйсу ас.
3 Хьан дезачу цIа чу хьоьжура со,
Хьан нуьцкъалалла а, сийлалла а гархьама.
4 Хьан безам а, дикалла а дахарал гIоле ду.
Хьо хестош, бага юьззина ас илли эр ма ду.
5 Дуьнен чохь со мел веха, Хьо аса хестор ву.
Хьоьга доIанаш а деш, куьйгаш хьалакхийдор ду.
6 Токх кхачано санна, сан са Ахь дузу.
Сайн айдинчу озаца Хьуна ас хастам бо.
7 Хьох лаьцна ойла йо ас буьйсанан дакъошкахь,
Хьо дага оьху суна вижинчу хенахь!
8 Суна гIо а Хьоьгара ду,
Хьан тIемийн IиндагIехь со воккхавеш хир ву.
9 Сан са а безамца Хьох дIа ма хьерча.
ГIо деш, со дIалоцу Хьан аьтту куьйго.
10 Сан валар лоьхуш берш
лаьттан буха кхочур бу.
11 Нуьцкъалчу таррашца эшийна уьш хир бу.
*ЧангIалкхийн* ижу хилла, уьш дIахIуьттур ма бу.
12 Ткъа паччахь а воккхавийр ву
Дала шена деллачух.
Хастамах вузур ву хIора Делах дуй буург а,
хIунда аьлча мотт сецна буьсур бу харц мел луьйраш а.

### Ларвар доьхуш дина доIа

63 ‡‡ Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга: Даудан назма.
2 Ва Дела, ас латкъам бечу хенахь, сан аз дIахазахьа,
мостагIчуьнгахьара суна болчу кхерамах сан дахар лардехьа.
3 Вониг лелош болчеран ойланех а,
зулам дечеран тобанех а со дIахьулвехьа.
4 Цара шайн меттанаш, тарраш санна, ирдо,
ткъа шайн дешнаш, дIаьвше пхерчий санна, тIекхуьссу.
5 Шайн кIелонера цара и пхерчий бехке воцчунна тIе кхуьссу.
ХIуманах а ца кхоьруш, цара цIеххьана цунна тIе уьш кхуьссу.

---

† Корта 61 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *62.*

†† 61:13 Аюб 34:11; Ярми-ЯхIу 17:10; Маттай 16:27; Римхошка 2:6; Довзийтинарг 2:23. ‡ Корта 62 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *63.* ‡† 62:1 Шамъал 23:14. ‡‡ Корта 63 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *64.*

[6] Шайн зуламечу ойланашкахь цара вовшийн чIагIбо.
«Иза-м хьанна гур бара?» – бохуш,
шаьш кечбина гур къайлабаккха цара барт бо.
[7] Мекара ойланаш а еш, цара олу:
«Говза хьесап дина оха».
Адаман кийрахь а, дага чохь а дерг къайлаха ма ду!
[8] Амма Дала царна тIе пхерчий кхуьссу.
Уьш цIеххьана дIа а лоцур бу.
[9] Цара шайн меттанашца шаьш хIаллакбийр бу.
Уьш гуш мел волчо кхардамца кортош лестор ду.
[10] Массо а адам кхералур ду,
цара Делан гIуллакх кхайкхор ду,
Цо динчух лаьцна ойланаш йийр ю.
[11] Делан лаамехь верг самукъадаьлла хир ву,
ша Везачу Элаца цхьаьна хиларна.
Цо Везачу Эле ша ларвойтур ву.
ДогцIена болчу массара а Цунна хастамаш бийр бу.

## Хастам бар а, баркалла алар а

# 64

† Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга: Даудан назма. Йиш.
[2] Цийон-ломахь Хьуна хастам бан хьакъ ма ду, Дела,
Хьуна дина нигаташ кхочушдина хир ма ду.
[3] Тхан доIанаш Хьуна дIахеза.
Муьлхха а адам Хьуна тIе догIу.
[4] Къилахь долчу гIуллакхаша гIелвина со,
ткъа Ахь тхан зуламашна гечдо.
[5] Декъала ву Ахь хаьржинарг,
Хьайн керташкахь Iайта Хьайна тIеозийнарг!
Тхо Iаьбна хир ду Хьан цIийнан диканах,
Хьо Iаш йолчу меттиган еза хиларх дузур ду тхо.
[6] Тхо *кIелхьардохург* волу Дела, Хьо жоп луш ву тхуна
ларамах дузуьйтуш долчу паргIатдахаран гIуллакхаш дарца.
Лаьттан массо а маьIIехь болчеран а,
генарчу хIордашца болчеран а сатуьйсийла а Хьо ву.
[7] Хьайн ницкъаца Ахь лаьмнаш дIахIиттадо,
Хьайн гIодаюккъехь гIора а Ахь латтадо.
[8] ХIордийн а, церан тулгIенийн гIовгIа а,
халкъийн карзахдалар а дIасацош верг а Хьо ву.
[9] Лаьттан йистошкахь бехаш берш
Хьан тамашийнчу билгалонашка
ларамах буьзна бу.
Малхбалехь а, малхбузехь а бехаш болчаьрга
Хьайна хастамаш бойту Ахьа.
[10] Ахь латта Iалаш а до, цунна хи а латтадо,
иза токхе а хуьлуьйту Ахь,
тIехъюьзна йолу хин Iовраш а луш.
Ахь адамашна ялта кхуьуьйту,
Айхьа латта оцу гIуллакхна кхоьллина дела.
[11] Ахь лаьттан хершнаш хих а дузу,
гIорзанаш дIа а шарйо,
догIанан тIадамашца латта кIад а до,
цу тIехь мел яьлла хIума декъал а йо.
[12] Ахь шарна а, коьрта тIе *таж* санна, беркат кховдадо,
Хьан лараш а токхонах юьзна ю.
[13] Ахь яьссачу аренашкахь дежийлаш а ло,
гунаш хазахетарх а дузу.
[14] Сийначу дежийлашкахь жаш ду дежаш.
ТогIешкахь ялта ду кхуьуш,
даккхийдерца эшарш а лоькхуш.

## Хастаман а, баркаллин а йиш

# 65

†† Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга: назма.
Аз айдина кхайкхалахь Деле, дерриг а дуьне.
[2] Цуьнан цIеран сийлаллина йиш лакха,
Цуьнан сийдеш, Цунна хастамаш бе.
[3] Ала Деле: «Айхьа дийриг мел ларамах дузуьйтуш ду!
Хьан алссам болу ницкъ бахьанехь
Хьан мостагIий а Хьуна хьалха текха.
[4] Хьуна хьалха дерриг дуьне а охьатаьIа,
цо Хьуна эшарш а лоькху.
Хьан цIарна эшарш лоькху цо!»
[5] Схьа а дуьйлий, хьовсийша, Дала дечу гIуллакхашка.
Адамийн дуьхьа Цо дийриг мел ларамах дузуьйтуш ду.
[6] ‡Цо хIорд а лакъийра,
латта декъа а хилийтира.
Тхан дай, Йордан-хи а лекъна,
декъачу лаьтта тIехула гIаш дехьабевлира.
Цигахь Цунна даккхийдеш хуьлийла тхо!
[7] Шен нуьцкъалаллица Цо гуттара а олалла до.
Цуьнан бIаьргаш халкъашна тIедерзийна ду.
Аьрха нах Цунна дуьхьал ма гIовттийла!
[8] Халкъаш, аша вайн Далла хастам бе,
Цунна бечу хастаман аз дIахозийла.
[9] Цо вайн синош а дийна дитина,
вайн когаш а бега ца байтина.
[10] Веза Дела, Ахь зийна тхо,
цIергахь лала а деш, цIандо дети санна,
цIан ма дина Ахь тхо.
[11] Ахь тхо гуре лацийтира,
тхан ги деза маххьаш дехкира.
[12] Ахь тхан кортош тIехула мостагIа ластавайтира.
ЦIерах а, хих а тхо чекхдевлира,
ткъа Ахь тхо маьршачу метте арадехира.
[13] Дийнаташ дагоран сагIанаш дахьаш, со Хьан цIийнан керта вер ву,
Хьуна айса дина нигаташ а ас кхочушдийр ду.
[14] И нигаташ ас дина, со холчу хIоьттича,
сан багара уьш девлира, со вистхилча.
[15] Хьуна сагIина ас дерстина дийнаташ дахьар ду,
койн мохь а ягор ю.

† Корта 64 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *65.*

†† Корта 65 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *66.* ‡ 65:6 а: Арадаккхар 14:21; б: ЮшаI 3:14-17.

СагIина ас стерчий а, бежалой а яхьар ю.
16 Схьа а дуьйлий, ладогIийша, Далла хьалха
ларамах дуьзначу массара а,
Цо сан дуьхьа мел динарг дуьйцур ду ас шуна.
17 Сайн багахула кхайкхира со Цуьнга,
сайн маттаца лакхаваьккхира ас Иза.
18 Сайн даг чохь ас къа латтийнехьара,
Хьалдолчу Элана со дIахезар вацара.
19 Ткъа Далла со дIахезира,
сан доIан озан Цо тидам бира.
20 Хастам бу сан доIа дIа ца теттина волчу а,
Шен безам сох дIа ца къастийна волчу а Далла.

## Баркаллин йиш

66 † Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга: хIара йиш, хIара назма, мерз-пондаршца лакха езаш ю.
2 Дела вайца къинхетаме хуьлийла,
Цо вай декъал а дойла,
Цо Шен юьхь тIера серло вайна лепайойла,
3 кху лаьттарчу адамашна Хьан некъ
бовзийтархьама а,
массо а халкъашна Хьоьгара долу
*кIелхьардовлар* довзийтархьама а.
4 Ва Дела, хастамаш бойла Хьуна халкъаша.
Хастамаш бойла Хьуна массо а халкъаша.
5 Самукъа а долийла, хазахетар а хуьлийла
къаьмнийн,
хIунда аьлча Ахь халкъашна тIехь нийсонца кхел
а йо,
лаьттарчу къаьмнашна тIехь урхалла а до.
6 Веза Дела, хастамаш бойла Хьуна халкъаша.
Хастамаш бойла Хьуна массо а халкъаша.
7 Лаьтто шен стом белла.
Вайн Дела волчу Дала вай декъалдо.
8 Дала вай декъалдо,
лаьттара массо а маьIIера адам
Цуьнга болчу ларамах дуьзна хилийтархьама.

## Сийлахьчу толамна аьлла назма

67 †† Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга: хIара назма Даудан илли ду.
2 Дуьхьалволийла Дела Шен мостагIашна,
хIаллакьхуьлийла Цуьнан мостагIий.
ДIауьдийла Далла хьалхара Иза цавезарш.
3 Мохо дIасабаржош болу кIур санна,
дIасабаржабойла Ахьа уьш .
ЦIеро башош болу балоз санна,
хIаллакьхуьлийла Делан лаамехь боцурш .
4 Ткъа Делан лаамехь берш самукъадаьлла
хуьлийла.
Далла хьалх� дог айаделла а, баккхийбеш а
хуьлийла уьш.
5 Алалаш иллеш Далла!
Алалаш иллеш Цуьнан цIарна!
Вазвелаш мархашкахь Лелаш верг!
Цуьнан цIе Веза Эла ма ю.
Самукъане хуьлийла шу Цунна хьалх�!
6 Байлахь бисинчеран Да а волу,
бисина Iачу зударшкахьа ГIодоккхург а волу
Дела ву Ша къастийна долчу Шен дезачу цIа
чохь.
7 Цхьа бисинарш а Дала хIусамаш чу дIатарбо.
Тутмакхаш а Дала буржалех паргIатбоху.
Ткъа Цунна муьтIахь боцурш яьссачу екъачу
арахь ма буьсу.
8 Ва Дела! Хьо Хьайн халкъана хьалхаваьлла
воьдучу хенахь,
яьссачу арахь Хьо волавелла воьдучу хенахь,
9 ‡Латта а дегадора,
стигалш а ешара,
Синай-ламанан Далла хьалх�,
Исраилан халкъан Далла хьалх�.
10 Беркате догIа доуьйтура Ахь, Дела,
Хьайн долахь долу латта ницкъ боцуш дисича,
иза юха а чIагI а деш.
11 Цу лаьттахь Хьан халкъ дехаш дIахIоьттира,
Хьайн диканца мискачунна оьшург латтийра Ахь,
Дела.
12 Хьалдолу Эла хаам беш вистхилира,
ткъа и хаам дIасабаржош болу зударий дуккха а
бара.
13 «МостагIчун эскарш а, паччахьаш а дIасауьдуш
ма бу».
Ткъа цIахь бисина зударий еана хIонс йоькъуш
ма бу:
14 тIемаш дети диллина а,
месаш деши диллина а долу и кхокхий.
(Шу, божарий, гIотанаш юкъахь хиъна хIунда
дисина?)
15 Нуьцкъалчу Дала кху лаьттахь паччахьаш
дIасабаржийча,
Iаьржачу Цалмун-лам тIе кIайн ло диллича санна
хеталора.
16 Башан-лам – сийлахь лам ма бу!
Дукха лекха баххьаш цунна тIехь ма ду!
17 ХIунда хьоьжу шу хьегарца, ва лекха лаьмнаш,
Дала Шен бу аьлла къастийначу ломе?
Вехар ву Веза Эла цу лам тIехь даим.
18 Делан сийлахь гIудалкхаш итт эзарал а алссам
ю, эзарнаш а эзарнаш ю.
Царна юккъера Веза Эла Синай-лома тIера Шен
дезачу цIа чу воьссира.
19 ‡‡Хьо хьала ма велира цу ламанан боххье,
йийсарехь болчарна хьалха а хIуттуш.
Адамашкара Ахьа, Веза Эла, совгIаташ тIеийцира,
ур-атталла Хьо вехачу *шахьарна*
дуьхьалбевллачийн карара а.
20 Декъала ву Хьалдолу Эла,
дахаран мохь денна а тхан метта лелош волу а,
тхо кIелхьардоху Дела волу а.
21 Вайн Дела – кIелхьардоху Дела ву.

† *Корта 66 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *67.**
†† *Корта 67 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *68.**

‡ *67:9 Арадаккхар 19:18.* ‡‡ *67:19 Эпасхошка 4:8.*

Хьалдолчу Элан карахь ду вайн Iожаллех довлар.
22 Дала Ша эгор ду мостагIийн кортош а,
харцонаш лелочийн юькъа месаш йолу хьеш а.
23 Везачу Эло ма аьлла: «Башанна тIера мостагIий
Ас юхаберзор ма бу.
ХIорда бухара а Ас уьш схьабохур ма бу,
24 хьан жIаьлеша мостагIийн цIий чу шайн
меттанаш Iиттийтархьама а,
хьоьга хьан когаш церан цIийла бахкийтархьама
а».
25 Гуш дара, Дела, Хьан сийлахь болар,
сан паччахь волчу Делан Шен цIа чу валар.
26 Хьалхабевлла боьлху эшарш лоькхурш а,
царна тIаьхьахIиттина богIу зурманчаш а.
Ткъа юкъарчу могIарехь, вотанаш а етташ,
мехкарий а ма бу.
27 Декъалвелаш Дела тукхамийн гуламехь,
вазвелаш Веза Эла, аша, Исраилан хIух долчара.
28 Хьалхадаьлла догIу Бен-Яманан жима тайпа.
ЯхIудхойн элий а богIу шайн йоккхачу тобанца.
Забулхойн элий а бу напталхойн элашца.
29 Ва Дела, омра дехьа Хьайн ницкъаца †.
Гайтахьа Хьайн ницкъ, Ахьа хьалха ма-гайттара,
30 Ярушалаймехь долчу Хьайн цIийнехь.
Цу чу Хьуна лерина совгIаташ дахьар ду
паччахьаша.
31 ДIатедехьа Ахьа Мисаран халкъ,
эрзана юкъарчу экханах тераниг ††,
эсий санна долчу халкъашна юкъахь стерчийн
бажа санна долу,
шен долахь долчу деших тамаш бийриг.
Цара, кортош охьа а таIийна, Хьуна шайн дато
гIорзанаш йохьийла.
ДIасатийсахьа Ахь тIом безаш долу халкъаш.
32 Мисар-махкара богIур бу векалш.
Кхийдор ду Хьоьга, Дела, *хушахоша* шайн
куьйгаш.
33 Лаьттарчу пачхьалкхаша Далла ала иллеш.
Вазве Хьалдолу Эла шайн иллешца!
34 Вазве аш дуьне кхуллуш дуьйна стигалшкахь
Леларг.
Нуьцкъалчу озаца стигал къекъош къамел до Цо.
35 Делан ницкъ хилар къобалделаш!
Исраилан халкъана тIехь ю Цуьнан возалла.
Мархашна тIехь ю Цуьнан нуьцкъалалла.
36 Дела, кхераме ву Хьо Хьайн цIа чуьра Хьо
вогIучу хенахь.
Исраилан халкъан Дела!
Ахь ло Хьайн халкъана ницкъ а, чIагIо а.
Декъала ву Хьо, Дела!

### Орца даккхар

68 ‡ Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга:
«Шушаним» олучу мукъамехь ала езаш йолу
Даудан назма ю хIара.
2 Ва Дела, кIелхьарваккхахьа со,
хIунда аьлча сан логге кхаьчна-кх хиш.
3 КIоргачу уьшал чохь висна со,
тIе ког хIотто меттиг а яц суна.
Хийн кIоргене чуваьлла со,
цуьнан чехка дахаро дIавуьгу со.
4 Орцанаш дукха дахарна ца мегачу ваьлла со,
къамкъарг якъаелла сан.
Сайн Деле ладегIарна,
бIаьргаш гIелделла сан.
5 ‡†Ца веза бахьана доцуш, со ца везарш
сан коьртарчу месел а дукха бу.
Харц бахьанашца сан мостагIий нуьцкъала бу,
ткъа уьш со хIаллакван гIерташ бу.
Аса шайгара къола деш яьккхина йоцург,
шайна схьало бохуш, цара со хьийзаво.
6 Ва Дела! Хьуна евза сан сонталла а,
сан къинош а Хьох къайла ца девлла!
7 Массо а ницкъийн Хьалдолу Эла,
Хьоьга сатийсар долчарна
со бахьанехь эхье хIума тIе ма догIийла.
Исраилан халкъан Дела,
Хьо лоьхуш лелаш берш
соьгахула юьхьIаьржачу ма хIуьттийла.
8 Хьан дуьхьа лов аса сайна бо тIехбеттамаш,
дерриг а со, юьхьIаьржачу а хIуьттуш.
9 Сан вежаршна хийра хета со,
сан ненан кIенташна геннара хета со.
10 ‡‡ХIунда аьлча Хьан цIийне болчу хьагамо вагош
ву со,
ткъа Хьо сийсазвочеран сийсаза дешнаш суна тIе
эгадо.
11 Велха а воьлхуш, ас марханаш кхобу,
ткъа и бахьанехь со дола хета.
12 Сингаттаман духар сайна тIе духу аса,
ткъа цара сох лаьцна беламна кицанаш даладо.
13 ГIалин кевнехь хиъна Iаш болчара
сох лаьцна ца бешаш къамелаш до,
чагIар муьйлучара а,
сох буьйлуш, со шайн эшаршна юкъавалаво.
14 Ткъа ас, Веза Эла, Хьоьга сайн доIа до.
Хьайна дика ду аьлла хеттачу хенахь,
Хьайн боккха безам хиларна,
Ахь билггал со кIелхьарвоккхург хиларна,
дIахазахьа со.
15 Со кIел ца висийтархьама,
уьшал чуьра хьалаваккхахьа со.
Соьга безам боцучех а,
кIоргачу хих а кIелхьарваккхахьа со.
16 Чехка доьдучу хине со хьул а ма вайтахьа,

† *Уггар ширачу тептарш тIехь: *Хьан Дала хьуна ницкъ къобалбина.** †† *Эрзана юкъара экха *– иза, схьахетарехь, Мисар-махкахь лоруш йолу бегемот цIе йолу дийнат ду.**

‡ *Корта 68 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *69.** ‡† *68:5 Забур 34:19; Яхьъя 15:25.* ‡‡ *68:10 а: Яхьъя 2:17; б: Римхошка 15:3.*

кIоргачу хине со дIа а ма кхаллийтахьа,
эхарта чу а вахийтина, иза суна тIаьххье дIа а ма къовлийтахьа.
17 Хьан безам дика болу дела, Веза Эла, со дIахазахьа,
Хьан боккхачу къинхетамалле хьаьжжина, соьгахьа схьаверзахьа.
18 Хьайн лай волчуьнгахьара Хьайн юьхь Ахь дIа ма ерзаехьа.
Сихха дIахазахьа со, хIунда аьлча со гIайгIанехь ма ву.
19 Сан синна гергахьа а волий, иза кIелхьардаккхахьа.
Сан мостагIех со кIелхьарваккхахьа.
20 Хьуна хаьа со емалвеш хилар а,
сийсазвохуш хилар а, юьхьIаьржачу хIиттош хилар а.
Сан берриг а мостагIий Хьуна хьалха бу.
21 Со емалваро сан дог а дохийна,
со холчу а хIоттийнера.
Аса сайх къинхетам бар лоьхура, амма иза бацара суна.
Аса сайн догъоьцурш лоьхура, амма уьш ца карийра суна.
22 †Сан кхачанца цара стим эбира суна,
со хьогах волуш къонза малийра суна.
23 ††Шаьш дуучу тойнах дIалоцу бой хуьлийла царна,
цунах гур хуьлийла церан доттагIашна.
24 Царна хIумма а ца гайта, церан бIаьргаш кхулийла.
Церан баккъаш гуттаренна а ситтина хуьлийла.
25 Царна тIе Хьайн дералла Iанаехьа.
Хьан чIогIачу оьгIазалло дIалоцийла уьш.
26 ‡Церан *меттамотт* а бассийна хуьлийла,
церан четарш чохь цхьа а ма вехийла.
27 Ахь таIзар диначарна тIаьхьабевлла лелаш бу уьш.
Ахь лазийначеран баланех лаьцна къамелаш деш бу уьш.
28 Церан массо а къинош дIаяздехьа,
Хьайн кIелхьарбахаре уьш ма кхачийтахьа.
29 ‡†Дийна болчеран тептар тIера церан цIераш дIайовлийла,
Хьан лаамехь болчеран цIерашца цхьаьна
церан цIераш ма язйойла.
30 Ткъа аса гIело а хьоьгу, со баланехь а ву.
Дела, Ахь со кIелхьар а воккхийла, лар а войла.
31 Сайн Делан цIеран сийлалла ас иллешкахь хастор ю,
баркалла аларца ас Иза хьалавоккхур ву.
32 Иза Везачу Элана тамехь хир ду,
сагIина бахьачу старал а,
маIаш а, бергаш а йолчу старгIанал а.
33 ГIело хьегначарна иза гур ду, церан самукъадер ду.
Дела лоьхуш дерш, шун дегнаш денлур ду.
34 ХIунда аьлча Везачу Эло мискачаьрга ла а дугIу,
йийсарехь болу Шен нах Цо дIа а ца тотту.
35 Хастамаш бойла Цунна стигалша а, лаьтто а,
хIордо а, цу чуьра дийна мел долчу хIумано а.
36 Дала Цийон-лам кIелхьарбоккхур бу.
Цо ЯхIуд-мехкан гIаланаш юхаметтахIиттор ю.
Цигахь адам даха а хуур ду,
и латта цара шайн дола а доккхур ду.
37 И мохк Цуьнан леш болчеран тIаьхьенна кхочур бу,
Цуьнан цIе езаш берш цигахь баха ховшур бу.

### ГIо доьхуш дина доIа
(Забур 39:12-18)

69 ‡‡ Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга: Даудан назма. Дагалацийтаран доIа.
2 Ва Дела, со кIелхьарваккха сихо ехьа.
Веза Эла, суна гIоьнна тIеван сихлохьа.
3 Сан синан хIаллакьхилар лоьхурш
эхь доьссина а, сийсазбаьхна а хуьлийла!
Суна зулам хила луурш,
юьхьIаьржачу а хIиттийна, юхаберзабойла!
4 Со емал а веш, соьга: «Жолам-яI!» – бохурш,
шаьш юьхьIаьржачу хIиттарна, боьхна хьийзийла.
5 Хьо лоьхуш берш массо а Хьо бахьанехь
хазахетта а, самукъадаьлла а хуьлийла!
Шаьш Ахь кIелхьардахар дезаш болчара
саццаза: «Сийлахь ву Дела!» – олийла.
6 Со-м къен а, миска а ву.
Дела, суна тIе кхача сихлохьа!
Хьо ву суна гIо дийриг а, со паргIатвоккхург а.
Веза Эла, хье ма лохьа!

### Къеначу хенахь ларварх долу доIа

70 ‡‡† Хьоьга, Веза Эла, со ларвойту аса,
юьхьIаьржачу ма хIуттийла со цкъа а.
2 Хьо бакъ хиларна,
кхерамах паргIатваккхахьа со.
Хьайн лергаш соьгахьа дерзадай,
кIелхьарваккхахьа со.
3 Муьлххачу а хенахь сан дIалачкъа йиш йолу *тарх* санна хилахьа суна.
Ахь дош делла со кIелхьарваккха, цундела Хьо сан чIагIо а, гIап а ю.
4 Сан Дела! Харцо лелочарах кIелхьарваккхахьа со,
къизачу а, ницкъ бечу а нахах ларвехьа со.
5 Хьо сан сатийсар ду, Хьалдолу Эла,
жимачохь дуьйна дегайовхо ю.
6 Вичхьана а дагца Хьоьца чIагIвелла со.
Ахь ненан кийрара схьаваьккхина со.

*† 68:22 Маттай 27:48; Марк 15:36; Лака 23:26; Яхьъя 19:28, 29. †† 68:23, 24 Римхошка 11:9, 10. ‡ 68:26 Векалийн 1:20. ‡† 68:29 Арадаккхар 32:32; Довзийтинарг 3:5; 13:8; 17:8.*

*‡‡ Корта 69 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *70.* ‡‡† Корта 70 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *71.**

Хьо ас гуттар а хестор ву.
7 Дукхахболчарна сан дахар тамашийна хета,
хIунда аьлча Хьо со нуьцкъала Ларвийриг ву.
8 Хьан сийлалла хIора дийнахь хестайо ас,
Хьан возаллех долу дош сан багахь даим ду.
9 Со, къанвелча, дIа ма тасалахь,
сан гIора дIадолучу хенахь со-со ма виталахь.
10 Сан мостагIий суна луьйш бу,
со вен ларвеш берш барт беш бу.
11 Цара боху: «Дала дIатесна иза,
тIаьхьа а довлий, схьалаца иза,
и кIелхьарваккха цхьа а вац цуьнан».
12 Дела! Гена ма валахьа суна.
Сан Дела! Сихха орцахвалахьа суна.
13 Сан синна дуьхьал мостагIалла лелораш,
эхь а хетта, дIабовлийла,
суна зулам лоьхуш берш
юьхьIаьржачу хIиттийтахьа!
14 Гуттар а Хьох дегайовхо йолуш а,
Хьуна лерина муьлхха а хастам алсамбоккхуш а хир ву со.
15 ХIора дийнахь Хьан бакъдерг дуьйцуш,
Ахь кIелхьардахар кхайкхор ду ас,
цуьнан барам суна ца хаахь а.
16 Сан Хьалдолчу Элах болу кхаъ бахьаш, вогIур ву со,
Хьан нийсо ас кхайкхор ю,
Хьан цхьаннан нийсо.
17 Дела! Жима волуш дуьйна Ахь нийсачу новкъа ваькхина со,
Хьан тамашийначу хIуманех лаьцна хIинццалц схьадуьйцу ас.
18 Къанвелча а, къежвелча а,
дIа ма тасалахь со, Дела,
кху тIаьхьенна а, цул тIаьхьа хин болчарна а
ас Хьан ницкъах лаьцна дийццалц.
19 Хьан нийсо, Дела, стигалшка а кхочу,
инзаре гIуллакхаш дина Ахь.
Дела, мила ву Хьоьга кхочуш?
20 Дукха а, луьра а халонаш гойтура Ахь суна,
амма юха а со денвийр ву Ахь,
лаьттан кийрара гIаттор ву.
21 Со юха а тевийр ву Ахь,
сан сийлалла алсам а доккхуш.
22 Дечиг-пондарца Хьо хастош, Хьо тешаме хилар дуьйцур ду ас, сан Дела.
Мерз-пондарца Хьох лаьцна назманаш йохур ю, Исраилан Везаниг!
23 Ахь кIелхьардаьккхина сан са доккхадеш ду,
Хьуна хастам беш, сайн багахь ас мукъам бечу хенахь.
24 ХIора дийнахь сан матто Хьан нийсо кхайкхор ю,
хIунда аьлча суна зулам лоьхуш берш юьхьIаьржачу хIиттийна Ахь,
царна эхь а хетийтина Ахь.

## Паччахьна тIера дина доIа

71 † Сулиман назма.
Ва Дела! Паччахьна Ахьа йийриг санна кхел ян Iамадехьа,
ткъа паччахьалла дечунна Хьайн нийсо лохьа.
2 Хьан адамашна тIехь нийса паччахьалла дойла Цо,
ур-атталла гIело хьоьгучу Хьан нахана тIехь бакъдолу олалла дойла Цо.
3 Лаьмнаша адамашна беркат дохьийла,
гунаша царна нийсо йохьийла.
4 Халкъана юкъара гIело хьоьгучарна
цо нийсонца кхел а йойтийла,
мискачун кIентий цо кIелхьар а бохийла,
амма ницкъ бийраш цо дIа а совцабойла.
5 Нах Хьуна хьалха ларамах буьзна хуьлийла ††,
малх а, бутт а мел лаьтта, тIаьхьенашкара тIаьхьенашка.
6 Иза хуьлийла, буц хьаькхначу бай тIе догIу догIа санна,
лаьттана тIуналла луш долу догIанан тIадамаш санна.
7 Цуьнан заманахь нийсо лаьттийла,
бутт дIабаллалц беркат хуьлийла.
8 ‡ХIорда тIера хIорда тIе кхаччалц,
Эпрат-хина тIера лаьттан йисте кхаччалц
цо паччахьалла дийр ду.
9 Яьссачу аренашкара бахархой
цунна хьалха охьаоьгур бу,
цуьнан мостагIаша а лаьттана меттанаш хьоьккхур ду.
10 Таршашан а, хIордаца дозуш долчу мехкийн а паччахьаша
цунна йолана хIума яхьар ю.
Шеба-мехкан ‡† а, Себа-мехкан ‡‡ а паччахьаша а
цунна совгIаташ дахьар ду.
11 Массо а паччахьаш цунна хьалха охьатеIар бу.
Массо а халкъаша цунна хьалхара гIуллакх дийр ду.
12 ХIунда аьлча орца доккхуш волу мисканиг цо паргIатвоккхур ву,
гIо лаца цхьа а воцу гIело хьоьгург а кIелхьарвоккхур ву.
13 Иза гIийлачуьнца а, пекъарца а къинхетаме хир ву,
цо мискачеран синош кIелхьардохур ду.
14 ГIело ярх а, ницкъ барх а цо церан синош лардийр ду,
цунна церан цIий деза хетар ду.
15 Паччахь дукха вехийла!
Шеба-махкара деши цунна лойла.

---

† *Корта 71 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *72.**
†† *Iебархойн тептар тIехь: *Нах Хьуна хьалха ларамах буьзна хуьлийла. *Грекийн гочдар тIехь: *Паччахь вехаш хуьлийла.**
‡ *71:8 Закри-ЯхIу 9:10.* ‡† *Шеба-мохк *– иза Iаьрбийн махкахь къилбехьа бара.** ‡‡ *Себа-мохк *– иза ЦIечу хIордана малхбузехьа бара.**

Массо а хенахь цунна тІера доІанаш дойла.
Дийнахь сарралц иза декъал а война.
16 Лаьттахь кІа шорта хуьлийла.
Лаьмнийн лакхенашкахь иза дІасалестийла.
Цуьнан стоьмаш, Ливанунехь санна, дукха хуьлийла.
ГІалара адамаш, аренгара буц санна, дебийла.
17 Абаденналц цуьнан цІе йиц ма лойла.
Дуьненахь малх мел кхета иза цІеяхана хуьлийла.
Цуьнан цІарах халкъаша вовшийн декъалдойла.
Царна массарна а иза декъалвина хетийла.
18 Хастам бу Везачу Далла, Исраилан халкъан Далла!
Веккъа Иза ву тамашийна гІуллакхаш кхуллург.
19 Цуьнан сийлаллин цІарна абаденналц хастам бойла.
Цуьнан сийлаллех дерриг дуьне а дузийла.
*Амин*! Амин!
20 Юшайн кІентан Даудан доІанаш чекхдевли.

## КхоалгІа тептар

*(72–88)*

### Делан нийсо

72 † Асайпан назма.
Мел дика ву Дела Исраилан халкъаца,
дог цІена болчаьрца!
2 Амма сох лаьцна аьлча, сан ког шарша гергга бара,
некъа тІехь гІулч а йоккхуш, галвала со гергга вара.
3 Іесачеран аьтто балар сайна гича,
дозаллаш дечаьрга сан хьагІ хуьлура.
4 Шаьш дІакхалххалц цара баланаш а ца хьоьгу,
церан догІмаш могуш а хуьлу ††.
5 Адамийн гІайгІанашкахь цара дакъа а ца лоцу,
кхиболчу наха санна, цара гІело а ца хьоьгу.
6 Цундела, коча ухкучу туьтеша санна,
куралло дІалаьцна уьш,
тІедухучу духаро санна,
къизалло дІахьулбина уьш.
7 Берстина хьера а бевлла, къинош летадо цара,
церан дегнаш чохь йолу ойланаш мекара ю.
8 Кхардамца кхечарах лаьцна вон къамелаш до цара.
Дозаллаш дарца нахана гІело яран ойланаш йо цара.
9 Цара шайн баганаш стигалшка хьала а йохуьйту,
церан меттанаш лаьттахула дІаса а даьржа.
10 Цундела цара дечунна тІедоьрзу Цуьнан халкъ а,
цара лелочух кхоччуш ша дуза а деш.
11 Цо олу: «Далла и муха хуур ду?
Веза Воккхачунна иза хуийла а дуй те?»
12 Иштта бу и Іесанаш!
Цхьана а хІуманан гІайгІа ца ешшехь,
церан хьал алсамдолу.
13 Ас сайн дагахь элира: «ТІаккха аса сайн дог цІандар а,
сайн куьг цІена леладар а эрна хилла те?
14 Дийнахь сарралц соьга Іазап а хьоьгуьйту,
хІора Іуьйранна суна таІзарш а дойту».
15 Ткъа: «Ас цу тайпана къамел дийр ду», – ас аьллехьара,
Хьан берийн тІаьхьенна хьалха со бехке хир вара.
16 Ас ойла йора, со цунах муха кхетар вара те бохуш.
Амма суна цунах кхета хала дара,
17 Делан цІийнан керта а вахана,
Іесачеран кхолламах со кхетталц.
18 Бакъду, ког шершачу меттиге дІа а хІиттийна,
Ахь уьш тІепаза бойуьйтур бу.
19 Ма сиха хІаллакьхуьлу уьш,
къемат тІедарца чекхбовлу уьш.
20 Самабевлча, дІадовш долу гІан санна хуьлу уьш, Хьалдолу Эла.
Сама а ваьлла, царах хилларг а дицдийр ма ду Ахь.
21 Сан дог гІайгІане хиллачу хенахь,
сан са карзахдаьллачу хенахь,
22 сонта а вара, кхеташ а вацара со.
Хьуна хьалха бежана санна вара со.
23 Амма гуттара а Хьоьца ву со.
Ахь аьтту куьйга дІалоцу со.
24 Хьайн хьехарца дахарехь дІанисво Ахь со,
цул тІаьхьа Хьайн сийлалле дІаоьцур ву Ахь со.
25 Хьо воцург мила ву суна стигалахь?
Хьо воцург цхьа а ца оьшу лаьттахь.
26 Сан дегІ а, сан дог а ца мегачу даьллехь а,
Дела – сан деган чІагІо а ю,
абаденналц сан дакъа а ду.
27 ХІунда аьлча шаьш Хьуна гена бохурш хІаллакьхуьлу.
Хьайна тешаме воцу хІорра а Ахь хІаллакво.
28 Ткъа сох лаьцна аьлча, суна-м дика ду Далла гергахь хилар.
Со ларваран меттиг йира ас Хьалдолчу Элах.
Хьан дерриг а гІуллакхаш ас дІакхайкхор ду.

### Халкъ кІелхьардаккхар доьхуш дина доІа

73 ‡ Асайпан хьехаме назма.
Ва Дела, тхо гуттаренна а дІа хІунда тесна те Ахь?
Хьайн жа санна долчу тхуна дар хІунда велла те Хьо?
2 Айхьа ширачу заманахь дуьйна дола даькхина Хьайн халкъ,

† Корта 72 (Грекийн) *– Іебархойн меттан тептар тІехь: *73.*
†† Я иштта: *Цара баланаш а ца хьоьгу, уьш могуш а, ницкъ болуш а хуьлу.*

‡ Корта 73 (Грекийн) *– Іебархойн меттан тептар тІехь: *74.*

мах белла паргIатдаькккхина Хьайн тукхам дагадаийтахьа!
Хьо тIехь Iаш хилла болу Цийон-лам дагабаийтахьа!
3 Хьайн когаш гуттаренна а Iохкучу саьлнашна тIеберзабехьа.
МостагIчо Хьан дезачу цIа чуьра дерриг хIума а дохийна дIадаькккхина.
4 Хьо тхуна дуьхьалкхетачу меттигехь Хьан мостагIаша гIигI дора.
Тхан байраккхийн метта шайн байраккхаш дIахIиттийна цара.
5 Боьлакан дитташна диг тIедерзош болчех
шаьш тера хилар гойтура цара.
6 Ткъа хIинца, куц а далош, дечиг хьоккхуш мел йина хIума
шайн дагаршца а, жIаьвнашца а йохийна цара.
7 Хьан деза цIа дерриг а дагийна цара.
Хьан цIе шена чохь йолу меттиг сийсазъяьккхина бевлла уьш.
8 Шайн дегнаш чохь: «Уьш-м бохийна дIабохур бара вай», – бохуш, –
лаьттара Делан гуламаш дIахIуьтту ерриге а меттигаш ягийна цара.
9 Тамашийна билгалонаш ца го тхуна,
пайхамар а вац тхан хIинца,
хIара хьал мел лаьттар ду хууш волу стаг а вац тхоьца.
10 Веза Дела, мел лаьттар ву те мостагIа, Хьо емалвеш?
Гуттара-м хир яц те мостагIчо Хьан цIе сийсазйохуш?
11 Хьайн куьг – Хьайн аьтту куьг – сеца хIунда до те Ахь?
Хьайн духаран хоршана юккъера иза схьатохий, хIаллакбехьа уьш.
12 Амма Хьо, Дела, ширачу заманара дуьйна сан Паччахь ву,
лаьттахь кIелхьарвалар дахьаш верг Хьо ма ву!
13 †Хьайн ницкъаца хIорд а дIасабекъабалийтира Ахь,
хи чуьра саьрмикийн кортош а кегдира Ахь.
14 ††Левиятан цIе йолчу хIордан саьрмикан кортош Ахь хьаьшира,
цуьнан дегI яьссачу аренгарчу акхарошна юучунна дIаделира.
15 Хьостанаш а, татолаш а дIаэхийтира Ахь.
Саццаза дIаихна хиш а лакъийра Ахь.
16 Де а Хьан ду, буьйса а Хьан ю.
Стигалара серлонаш а, малх а Ахь дIахIоттийна.
17 Лаьттан массо а дозанаш Ахь дIахIиттийна.
Аьхке а, Iа а Ахь дIакъастийна.
18 Дагадаийтахьа Хьайна мостагIа Хьайх кхардар, Веза Эла,
сонтачу цу халкъо Хьан цIе сийсазъяхар.

† 73:13 Арадаккхар 14:21. †† 73:14 Аюб 40:20; Забур 103:26; ЕшаI-ЯхIу 27:1.

19 Хьайн къоркхокханан са акхаройн кара дIа ма лохьа.
ГIело хьоьгуш долчу Хьайн халкъан дахар гуттаренна а диц ма дехьа.
20 Хьажахьа Айхьа бинчу барте, хIунда аьлча
лаьттара ерриге а бодане меттигаш ницкъ баран меттигех юьзна.
21 Ницкъ хилларг, юьхьIаьржачу а хIоьттина, юха ма воьрзийла.
ГIело хьоьгучо а, мискачо а Хьан цIарна хастамаш бойла.
22 Ва Дела, дуьхьал а валий, Хьайн гIуллакх лардехьа,
сонтачо дийнахь сарралц Хьо емалвар дагадаийтахьа.
23 Диц ма дехьа Хьан мостагIаша хьекхна маьхьарий а,
Хьуна дуьхьалбевллачара хаддаза еш йолу гIовгIа а.

## Дела – кхелахо ву

74 ‡ Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга: «ХIаллак ма ве со» олучу мукъамехь ала езаш ю. Асайпан назма.
2 Хастам бо оха Хьуна, Дела.
Хьан цIе уллохь хиларна Хьуна хастам бо.
Адамаша Хьан тамашийначу гIуллакхех лаьцна дуьйцу.
3 Ахьа боху: «Хан билгал а яькккхина,
Ас нийсонца йолу кхел хоржур ю.
4 Латта дIасалесташ хилча а,
цунна тIехь мел бехаш берш кхерамехь хилча а,
цуьнан бIогIамаш чIагIдийриг Со ма ву.
5 Курабевллачаьрга Ас боху: „Кура ма дийла“,
ткъа Iесачаьрга: „Шайн ницкъах дозалла ма де,
6 стигална дуьхьал шайн ницкъах дозалла ма де,
кура корта а айина, деза детташ ма дийца“».
7 ХIунда аьлча малхбалера а, малхбузера схьа а,
я яьссачу аренгара схьа а дац стеган лекха хилар,
8 амма Дела ву Кхелахо:
Цо цхьаъ охьатаIаво, ткъа важа лакхавоккху.
9 Везачу Элан карахь цхьа кад бу,
иза бецаш тоьхна кхехкаш болчу чагIарх буьзна бу.
Лаьттан массо а Iесачарна Цо оцу кеда чуьра Iанадо,
ткъа цара бухахь йолчу букъаршца цхьаьна дIамер ду и чагIар.
10 Аса-м Дала мел дийриг даим дуьйцур ду.
Якъубан Далла Аса хастамаш бийр бу.
11 Iесачеран ницкъ Цо дIабоккхур бу,
амма Цуьнан лаамехь болчеран ницкъ чIагIбийр бу.

‡ Корта 74 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *75.*

## Дела – толамхо ву

75 [†] Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга: мерз-пондаршца лакха езаш ю. Асайпан назма.
2 ЯхIудан халкъана юкъахь Дела вевзаш ву,
Цуьнан цIе исраилхошна юкъахь лоруш ю.
3 Цуьнан четар Шалейм-гIалахь ду,
Иза Iаш волу меттиг Цийон-лам тIехь ю.
4 Цигахь кегдина Цо стелахаьштиг санна долу пхерчий а,
турсаш а, тарраш а, иштта берриг а тIеман гIирс а бохийна.
5 Серлонехь а лепаш, Хьайн паччахьалла гойтуш ву,
тIехь ижу Ахь яькkхинчу лаьмнашкара Хьо вуссуш ву.
6 Майра мостагIий хIонс яьккхина богIу,
Iожаллин наб кхетта уьш Iохкуш бу.
Массо а оцу тIемалошка шайн куьйгаш
тIом бан хьала ца айало.
7 Хьан оьгIазе аз дIахезча, ва Якъубан Дела,
говраш а, церан дошлой а, Iадийна, белла.
8 Массо а нах Хьох кхоьруш латта беза, Дела.
Хьуна хьалха мила латталур ву, Хьо оьгIазвахча.
9 Стигалара схьа кхел кхайкхийна Ахьа.
Латта, кхераделла, дIатийна,
10 Хьо, Дела, кхел ян гIаьттича,
дуьнен тIехь гIело мел хьоьгург кIелхьарваккхархьама.
11 Бакъду, адамашна йолчу Хьан оьгIазлоно
Хьуна хастамаш бойтур бу.
Хьайн дералла, духар санна, Ахь тIеюхур ю.
12 Шайн Везачу Далла хьалха чIагIонаш а е, уьш кхочуш а е.
Гонах мел долчу къаьмнаша совгIаташ дохьийла шаьш кхера Дезачунна.
13 Цо элийн синош дохадо,
латтара паччахьаш кхерабо.

## Бохам тIебеача догъэцар

76 [††] Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга: Ядутуне. Асайпан назма.
2 Сан аз Деле кхойкхуш ду, Цуьнга орца а дохуш.
Сан аз Деле кхойкхуш ду, Цунна со дIахазийтархьама.
3 Бала тIебеанчу дийнахь со Хьалдолу Эла лохуш ву.
Буьйсанна сайн ши куьг саццаза дIасадохуьйту ас,
амма сан са шена синтем барх къаьхка.
4 Дела дага а оьхуш, ас узарш до.
Ойланаш а еш, сан са доьхна ду.
5 Ахьа соьга ши бIаьрг дIа ца къовлуьйту,
гIайгIанехь хиларна, вист а ца хилало со.
6 ДIадаханчу денойх лаьцна ас ойла йо,
тохарлера шераш суна дагаоьху.
7 Буьйсанна сайн иллеш дагаоьху суна,
ойла а еш, сан сино хоьтту:
8 «Массо а ханна дIатеттина те со Хьалдолчу Эло,
кхин цкъа а резахир вуй те Иза?
9 Цуьнан хедар боцу безам гуттаренна а дIабаьлла те,
Цуьнан *ваIда* массо а тIаьхьенашна дIадаьлла те?
10 Шен дикалла гайтар Дала дицдина те?
ОьгIазаллица Шен къинхетам дIачIаьгIна те?»
11 Ткъа ас элира: «ХIара бу сан бала:
Веза Воккха Дела тхан дуьхьа кхин цалелар».
12 Сайна дагадоуьйтур ду ас Везачу Элан гIуллакхаш,
дагадоуьйтур ду ас Ахьа дIаяханчу заманахь дина тамашийна хIуманаш.
13 Со кхета хьожур ву дерриг а Хьан гIуллакхех,
ойла йийр ю ас Хьан сийлахьчу гIуллакхех лаьцна.
14 Дела! Беза бу Хьан некъ.
Мила ву иштта сийлахь Дела, тхан Дела санна!
15 Хьо тамашийна гIуллакхаш деш волу Дела ву,
Хьайн ницкъ къаьмнашна юкъахь гойтуш а ву.
16 Хьайн ницкъаца Ахьа Хьайн халкъ кIелхьардаьккхина,
Якъубан а, Юсупан а тIаьхье.
17 Хишна Хьо гина, ва Дела,
Хьо ган а гина, уьш кхераделла,
кIорга хIорд а лестина.
18 Мархаша хи охьаоьхуьйтура,
стигал а яра къекъаш,
Хьан пхерчий а дара кхуьссуш.
19 Хьан къовкъаран аз мохехь дара схьахезаш.
Дуьне ткъесо серладохура,
латта, меттахдуьйлуш, дегош дара.
20 Хьан некъ хIорда юккъехь бу,
доккхачу хишна юккъехула дIабоьду Хьан некъ,
амма Хьан лараш ца гинера.
21 Жа санна, дIадуьгура Ахьа Хьайн халкъ
Мусан а, АхIаронан а куьйгаца.

## Дела а, Цуьнан халкъ а

77 [‡] Асайпан хьехаме назма.
ЛадогIа ас хьоьхучуьнга, ва сан халкъ,
сан багарчу дешнийн тидам бе.
2 [‡‡]Сан багахула ас хьекъале хIуманаш дуьйцур ду,
ширачу заманашкара хIетал-металш а далор ду.
3 Тхуна иза хаза а хезнера, довза а девзинера,
вайн дайша иза тхуна дийца а дийцинера.
4 Тхайн берех иза къайла а доккхур дац.
Хинйолчу тIаьхьене оха дIадуьйцур ду
Везачу Элан сийлахь гIуллакхех лаьцна,
Цуьнан ницкъах а, Цо динчу тамашийначу хIуманех а лаьцна.
5 Цо Якъубан тIаьхьенна бакъонаш дIахIиттийра,

† *Корта 75 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *76.**
†† *Корта 76 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *77.**
‡ *Корта 77 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *78.**
‡‡ *77:2 Маттай 13:35.*

Исраилан халкъана *товрат-хьехам* дIабелира.
Тхан дайшна тIедиллира Цо
шайн берашна цаьрга иза дIадовзийтар.
6 Цу тайпана тIейогIучу тIаьхьенна иза хуур дара,
дуьнен чу бовлучу наха
шайн берашна иза дIадуьйцур а дара.
7 ТIаккха адамашна юкъахь Делах тешар дахлур дара,
Цуьнан гIуллакхаш диц а лур дацара,
дерриг а халкъо Цуьнан весеташ лардийр дара.
8 Уьш шайн дайх тера хир бацара,
аьрха а, муьтIахь боцуш а,
шайн дегнашца Делах ца тешаш а,
шайн синца Цунна тешаме боцуш а.
9 Эпраймхойн карахь секхаIедаш хиллехь а,
тIом бечу дийнахь уьш дIа ма бевдира.
10 Делаца бина барт лар ца бора цара,
Цуьнан товрат-хьехамца баха а ца лиира царна.
11 Царна дицделлера Цуьнан гIуллакхаш,
Цо гайтина долу тамашийна хIуманаш а дицделлера царна.
12 †Мисар-махкахь, ЦоIан олучу кIоштахь,
церан дайн бIаьргашна хьалха гайтира Цо тамашийна хIуманаш.
13 ††Эрзийн хIорд дIаса а беккъа,
цу юккъехула чекхбехира Цо уьш,
ткъа хиш, пенаш санна, лаьтташ дара.
14 ‡Дийнахь – мархица дIабуьгура уьш Везачу Эло,
ткъа буьйса дIаяллалц – цIеран серлонца некъ гойтура царна.
15 Яьссачу аренгахь Цо, тархаш екъа а екъна,
кIоргачу хIорда санна шортта хи царна лора.
16 ‡†Тархах Iовраш Цо охьайолаялийтира,
татолаш санна, хиш а дIасадаьржира.
17 Амма уьш Цунна дуьхьал къинош леточуьра ца совцура,
яьссачу аренгахь Веза Воккхачунна дуьхьал а гIуьттуш.
18 ‡‡Шайна Иза вевззашехь, Дела зуьйш бара уьш,
шайна безаш болу кхача а боьхуш.
19 Далла дуьхьал къамелаш а деш, цара бохура:
«Яьссачу аренгахь кхача кечлур буй те Деле?
20 Цо тархах тоьхча, хи охьадоладелира,
Iовраш санна, шортта хи охьадеара.
Амма тхуна кхача балалур буй те Цуьнга?
Шен къомана жижиг далалур дуй те Цуьнга?»
21 Везачу Элана иза дIахезча,
оьгIазаллин цIе латийра Цо Якъубана дуьхьал,
дераллин цIе Исраилан халкъана тIехьажийра Цо,
22 Делах долу тешар церан ца хиларна а,
Цуьнан кIелхьардахарх уьш тешна ца хиларна а.
23 ТIаккха, мархашна омра а дина,
Цо стигалан неIарш дIайиллира,
24 ‡‡†Цо кхачанан буьртигаш царна тIе диссийтира,
догIа санна, стигалара кIа царна дIаделира.
25 Маликийн бепиг дууш дара адамаш,
Цо иза царна уьш буззалц делира.
26 Стигалахь Цо малхбалехьара мох карзахбаькkхира,
иштта къилбехьара мох а Шен ницкъаца карзахбаькkхира.
27 Цо, чан санна, жижиган догIа даийтира царна тIе,
хIорда йистера гIум санна, дукха олхазарш а гIовттийра.
28 Церан четаршна гонах охьа а оьгуьйтуш,
Цо олхазарш церан меттаматтана тIе дахкийтира.
29 Цара шаьш дуззалц биира и кхача,
хIунда аьлча лиънарг дара Цо царна делларг.
30 Амма шаьш лиънарг уьш дIайиъна а бовлале,
и кхача церан багахь болчу хенахь,
31 царна Дела оьгIазвахара,
Цо церан тоьлла берш а байира,
исраилхойн кегийрхой а хIаллакбира.
32 И дерриг а хилла доллушехь, цара кхидIа а къинош летадора,
уьш Цуьнан тамашийна гIуллакхех а ца тийшира.
33 Церан дахаран чаккхе Цо эрна хилийтира,
церан оьмаран шераш Цо кхерамехь чекхдехира.
34 Цо царах цхьаберш мосазза хIаллакбо,
царах болчу кхечара Иза лоьхура.
Уьш Далла тIе а боьрзура,
даггара Цуьнга а хьоьжура.
35 Царна дагадеара, Дела – шайн тарх хилар а,
Веза Воккха Дела шаьш ПаргIатдохург хилар а.
36 Шайн баганашца уьш Цунна хьесталора,
шайн харцматтаца Цунна хьалха бакъ доцург дуьйцура цара.
37 ‡‡‡Церан дегнаш Цунна тIедирзина дацара,
Цо бинчу бартана уьш тешаме бацара.
38 Амма Къинхетаме волчу Цо,
церан къиношна геч а дора,
уьш хIаллак а ца бора.
Дукхазза а Шен оьгIазвахар царна тIера дIа а доккхура Цо,
Шен дераллина некъ а ца лора.
39 Цунна дагахь лаьттара, уьш адамаш хилар,
юха ца доьрзуш долу садеIар бен цахилар.
40 Яьссачу аренгахь хийлазза Иза оьгIазъоьхуьйтура цара,
акхачу аренгахь хийла дог дохадора цара Цуьнан!
41 Цара юх-юха а Дела зуьйра,
Исраилан Везаниг оьгIаз а вохуьйтуш.
42 Царна Цуьнан ницкъ болуш хилар дага ца догIура,
Цо шаьш мостагIех кIелхьардахаран де а дицделлера царна.

† *77:12 Арадаккхар 7:8–12:32.* †† *77:13 Арадаккхар 14:21, 22.* ‡ *77:14 Арадаккхар 13:21, 22.* ‡† *77:15, 16 Арадаккхар 17:1-7; Лелар 20:2-13.* ‡‡ *77:18-31 Арадаккхар 16:2-15; Лелар 11:4-23, 31-35.*

‡‡† *77:24 Яхьъя 6:31.* ‡‡‡ *77:37 Векалийн 8:21.*

43 Царна дицделлера Мисар-махкахь Цо шайна Іаламаташ дар,
иштта ЦоІан-кІоштахь царна тамашийна гІуллакхаш гайтар.
44 [†]Мисархойн хиш Цо цІийх хьаладуьзира,
цаьрга хи ца малийтархьама.
45 [††]Царна тІе жІаьлийн мозий хийцира Цо, уьш дІакхаллийтархьама,
иштта пхьидарчий а тІехийцира, уьш хІаллакбайтархьама.
46 [‡]Церан ялта цо цаьпцалгашна дІаделира,
иштта церан кхаш цІазана дІаделира.
47 [‡†]Церан кемсашна тІе къора туьйхира Цо,
церан инжиран дитташ а шаца хІаллакдира.
48 Церан дохнна Цо къора туьйхира,
церан бажа стелахаьштигна дІабелира.
49 Шен оьгІазаллин цІе хьажийра Цо царна тІе,
хІаллакдаран геланчийн жІуга санна,
дералла а, эргІаддалар а, халонаш а йоуьйтуш.
50 Цо Шен оьгІазаллина некъ бакккхира,
цхьа а стаг Іожаллех кІелхьар а ца ваькккхира,
церан дахар Іожаллин уьнна дІаделира.
51 [‡‡]Мисар-махкахь Цо массо а хьалха вина доьзалхо валийтира,
церан ницкъо дуьххьара кхуьуьйтург Хьамин четаршна чохь хІаллакбира.
52 [‡‡†]Шен халкъ Цо, жа санна, арадаькккхира,
Цо уьш, уьстагІий санна, яьссачу аренгахула дуьгура.
53 [‡‡‡]Цо уьш маьршабахарна, уьш къар ца белира,
ткъа церан мостагІий хІордо къайлабехира.
54 [§]Халкъ схьадалийра Цо Шен дезачу лаьтта тІе,
аьтту куьйгаца Ша бакккхинчу лаьмнийн махка тІе.
55 [§†]Хийра халкъаш царна хьалхара дІалаьхкира Цо,
церан латта Шен халкъана дІа а кхочуьйтуш.
Исраилан халкъ шайн хІусамаш чохь даха хаийра Цо.
56 [§††]Амма уьш Дела зуьйш дІабуьйлабелира,
Везачу Воккхачунна дуьхьалгІевттира,
Цуьнан бакъонаш лар а ца йора цара.
57 Шайн дай санна, уьш а Делах дІабирзира,
иштта тешаме боцуш а лелара.
Уьш харц секхаІад санна хилира.
58 Шайн сагІа доккхучу гунашца Иза оьгІазъоьхуьйтура,
шайн цІушца Цуьнан эмгаралла меттахйохура.
59 Уьш Шена дІахезча, Дела оьгІазвоьдура,
Цо Исраилан халкъ кхоччуш дІатоттура.
60 [§‡]Цо йитира Шилунера Шен хІусам,
Ша адамашна юкъахь Іийна долу четар.

[†] *77:44 Арадаккхар 7:17-21.* [††] *77:45 а: Арадаккхар 8:20-24; б: Арадаккхар 8:1-6.* [‡] *77:46 Арадаккхар 10:12-15.* [‡†] *77:47, 48 Арадаккхар 9:22-25.* [‡‡] *77:51 Арадаккхар 12:29.* [‡‡†] *77:52 Арадаккхар 13:17-22.* [‡‡‡] *77:53 Арадаккхар 14:26-28.* [§] *77:54 Арадаккхар 15:17; ЮшаІ 3:14-17.* [§†] *77:55 ЮшаІ 11:16-23.* [§††] *77:56 Куьйгалхой 2:11-15.* [§‡] *77:60 ЮшаІ 18:1; Ярми-ЯхІу 7:12-14; 26:6.*

61 [§‡†]Шеца бинчу бертан тІорказ Цо йийсаре дІаделира,
Шен сийлаллин билгало мостагІийн кара дІаелира.
62 Цо туьран кара дІаделира шен къам,
Шен долахь болчарна Иза оьгІазвахара.
63 ЦІеро церан къона божарий дІакхоллура,
зудаберашна маре дигаран эшарш а ца лоькхура.
64 Церан динан дай туьро хІаллакбора,
ткъа бисина болу зударий уьш бахьана долуш белха а ца боьлхура.
65 Амма Хьалдолу Эла меттавеара, набарх ваьлча санна,
Иза меттавеара, маларо карзахваькккхина турпалхо санна.
66 Цо Шен мостагІий юхаберзийтира,
царна тІе даима эхь а дайийтира.
67 Юсупан тІаьхье дІатеттира Цо,
Эпрайман тайпа а ца хаьржира.
68 ЯхІудан тайпа къобалдира Цо,
Шена безабелла болу Цийон-лам а хаьржира.
69 Лекхачу стигалахь йолу Шен *шахьар* санна,
Цо Шен еза меттиг йира цигахь.
Латта санна, Цо иза массо а ханна чІагІийра.
70 [§†]Цо Шен ялхо волу Дауд хаьржира,
иза дежийлашкара схьа а ваькккхира.
71 Цо иза уьстагІий Іалашдечуьра схьаваькккхира,
цуьнга, Іуьне санна, Шен Якъубан халкъ дажадайта,
Шен долахь долу Исраилан халкъ цуьнга Іалашдайта.
72 Дауда уьш цІеначу дагца Іалашбора,
Цо и къам говзачу куьйгашца дуьгура.

### Исраилан халкъ кІелхьардаккхарх лаьцна дина доІа

78 [§‡ §§†] Асайпан назма.
Ва Дела! Кхечу къаьмнаша дІалаьцна Хьан долахь долу латта,
цара бехдина Хьан деза цІа,
Ярушалаймах саьлнаш йина дІахІиттийна цара.
2 Хьан леш болчеран декъий
стигаларчу олхазаршка даийта дІаделла,
ткъа Хьуна тешаме болчеран догІмаш
цара лаьттарчу акхарошна дІаделла
3 Цара, хи санна, цІий Іанийна Ярушалаймана гонах,
уьш дІабохка стаг а вацара.
4 Уллора къаьмнаш тхох кхаьрда,
гонах мел верг тхох воьлуш а,
тхо сийсаздеш а ву.
5 Веза Эла, мел дахлур ду те Хьан оьгІазвахар,
Хьан эмгаралла, цІе санна, йогуш мел лаьттар ю те?

[§‡†] *77:61 Шамъал 4:4-22.* [§†] *77:70, 71 Шамъал 16:11, 12; Дауд 7:8; 1 Шерашкахь 17:7.* [§‡] *78:1 ТІаьххьарнаш 25:8-10; 2 Шерашкахь 36:17-19; Ярми-ЯхІу 52:12-14.* [§§†] *Корта 78 (Грекийн) *– Іебархойн меттан тептар тІехь: *79.**

6 Хьо къобал ца вечу халкъашна тIе
хьажаехьа Хьайн оьгIазалла,
Хьуна Iамал ца ечу пачхьалкхашна тIе
хьажаехьа Хьайн дералла.
7 ХIунда аьлча цара Якъубан халкъ дIакхаьллина,
иза Iаш болу мохк а бохийна.
8 Тхан дайн къинош бахьана долуш тхо жоьпе ма
озадехьа,
Хьайн къинхетам сиха гайтахьа тхуна,
хIунда аьлча тхан гIора дIадаьлла.
9 ГIо дехьа тхуна, тхан КIелхьарваккхархо волу
Дела,
Хьайн цIеран сийлаллин дуьхьа.
КIелхьардахахьа тхо, тхан къиношна геч а дехьа
Хьайн езачу цIеран дуьхьа.
10 Кхечу къаьмнех болчу наха хIунда хоьтту:
«Мичахь ву церан Дела?»
Тхан бIаьргашна хьалха кхечу къаьмнашна
хаийтахьа,
Хьан ялхойн цIий Iанорна Айхьа бекхам бийриг
хилар.
11 Йийсархойн узарш Хьуна дIахезийла,
Хьайн нуьцкъалаллица кIелхьарбахахьа
хIаллакьхила леринарш.
12 ВорхIазза дIадекхахьа тхан лулахошна
царна Хьалдолу Эла волу Хьо ларар дола хетар.
13 Ткъа тхо, Хьан халкъ, Хьан дежийлашкара
уьстагIий,
массо а ханна Хьуна хастамаш беш хир ду,
оха тIаьхьенера тIаьхьене а Хьан сийлалла
дIакхайкхор ю.

### Халкъ юхаметтахIоттор дехаран доIа

79 † Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга:
«Бертан лили» олучу мукъамехь ала езаш ю.
Асайпан назма.
2 ††Исраилан халкъан Iу, ладогIахьа!
Юсупан тIаьхье, жа санна, дIадуьгуш верг,
каруб-маликашна тIехула йолчу Iаршана тIехь
хиъна Iаш верг,
Хьуо гайтахьа
3 Эпраймана а, Бен-Яманна а, Маннашана а ‡
хьалха.
Схьагайтахьа Хьайн ницкъ,
тхо кIелхьардаха волахьа.
4 Дела! ЮхаметтахIиттадехьа тхо.
Хьайн юьхь тIера серло тхуна лепийтахьа,
тIаккха тхо кIелхьардаьхна хир дара.
5 Ва массо а ницкъийн Веза Дела!
Хьан халкъо деш долчу доIанашна
оьгIаз а вахана, мел Iийр ву те Хьо?
6 Ахьа Хьайн халкъана бIаьрхих дуьзна бепиг
даийна,
дуккха а бIаьрхиш а малийна Ахьа цунна.

7 Уллора къаьмнаш тхоьца эгIийра Ахь,
тхан мостагIий тхох кхаьрдаш бу.
8 Массо а ницкъийн Дела! ЮхаметтахIиттадехьа
тхо.
Хьайн юьхь тIера серло тхуна лепийтахьа,
тIаккха тхо кIелхьардаьхна хир дара.
9 Ахьа Мисар-махкара кемсийн таьлланг схьаеара,
халкъаш дIа а лаьхкина, и таьлланг дIаюьйгIира
Ахьа.
10 Цуьнан дуьхьа меттиг дIацIанйина Ахьа,
ткъа цо шен орамаш охьадахийтира,
иштта латта хьаладуьзира.
11 Лаьмнаш цуьнан IиндагIо дIахьулдира,
цуьнан гаьннаша сийлахь баганан-дитташ
кхелира.
12 Цу таьлланго шен гаьннаш Дуьненаюккъерачу
хIордана тIе кхаччалц дIадахийтина,
иштта шен синтарш а Эпрат-хина тIе кхаччалц
дIадахийтина.
13 ХIунда яьккхина Ахьа цу кемсийн бешана
гонахара керт дIа?
ХIинца цигахула тIех мел волучо а цуьнан
стоьмаш схьадоху.
14 Неларчаша а йохайо иза,
аренгарчу акхароша а иза йоу.
15 Массо а ницкъийн Дела! Схьаверзахьа!
Стигалара схьахьажахьа, тидам бехьа!
ХIокху кемсийн бешан гIайгIа бехьа!
16 Хьайн аьтто куьйго дIадийначун гIайгIа бехьа,
Ахьа Хьайн дуьхьа чIагIдина долу синтаран а
гIайгIа бехьа.
17 МостагIаша иза, каг а дина, цIарца дагийна.
ОьгIазечу юьхьца цаьрга хьажахьа, уьш
хIаллакбехьа.
18 Хьайн куьг, Дела, Хьайна аьтту агIор волчу
стагана тIе диллахьа,
Айхьа ницкъ болуш хилийтинчу адаман кIантана
тIе диллахьа Хьайн куьг.
19 ТIаккха тхо Хьох дIадоьрзур дац.
Тхо дендехьа, тIаккха Хьоьга кхойкхуш хир ду
тхо.
20 Массо а ницкъийн Веза Дела!
ЮхаметтахIиттадехьа тхо.
Хьайн юьхь тIера серло тхуна лепийтахьа,
тIаккха тхо кIелхьардаьхна хир дара.

### Дезачу денна лерина йолу йиш

80 ‡† Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга:
Гати-гIалара схьаяьллачу эшаран мукъамехь
ала еза. Асайпан назма.
2 Самукъадаларна йиш лакха вайн ницкъ болчу
Далла.
Синкъераме мохь бетта Якъубан Деле.
3 Йиш лакха, жиргIа етта,
хаза дечиг-пондар а,
мерз-пондар а лакха.

† *Корта 79 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *80.**
†† *79:2 Арадаккхар 25:22.* ‡ *Эпрайм а, Маннаш а – Юсупан ши кIант вара. Ткъа Юсуп а, Бен-Яман а – Рахьалан ши кIант вара, ткъа Рахьал – Якъубан цунна зударех дукхаезаш ерг яра.**

‡† *Корта 80 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *81.**

4 [†]Коьман маIа лакха бутт цIинлучу хенахь а,
бутт бузар вайн дезде долчу хенахь а.
5 Иштта ду Исраилан халкъана делла парз,
иза ду Якъубан Дала тIедиллинарг.
6 Иза Дала Юсупан тIаьхьенна тIедиллина,
Мисар-махкана дуьхьал Иза араволучу хенахь.
Сайна бевзаш боцу мотт суна хеза:
7 «Ас шун белшашна тIера мохь дIабаькkхина,
шун куьйгаш карарчу тускарех мукъа а даьхна.
8 [††]Баланехь долу шу Соьга кхайкхича, Аса шу
кIелхьардехира.
Ткъесан мархина юккъера схьа Ас шуна жоп
делира.
Мерибан хиш долчохь Ас шу зийра.
9 ЛадогIа, Сан халкъ, Ас шуьга дIахьедо.
Исраил, ахьа мукъана а Соьга ладогIахьара!
10 [‡]Шайна юкъахь хийра дела ма хилийта,
кхечу къаьмнех волчу далла Iибадат а ма де.
11 Со Веза Эла ву, шун Дела,
шу Мисарара арадаьхнарг.
ДIаелла хьайн бага, Ас иза хьалаюзур ю.
12 Амма Сан халкъо Сан озе ла ца дугIура,
Исраилан халкъ Суна къера хила лууш а дацара.
13 Цундела Ас цуьнга цуьнан даго боххург дойтура,
шена луъург а дойтуш, лелийтира.
14 Сан халкъо мукъана Соьга ладогIахьара,
Исраилан халкъ Сан некъашца лелахьара!
15 ТIаккха церан мостагIашна тIехь Ас сихха толам
боккхур бара,
царна дуьхьалбевллачарна тIе Сайн куьг хьажор
дара.
16 Веза Эла ца везаш берш кхерарца Цунна хьалха
суждана гIур бара,
ткъа царна тIехь долу таIзар массо а ханна
лаьттар дара.
17 Ас шуна уггар дика кIа даор дара,
тархах даьккхина моз а лур дара шуна».

### Уггар лекха куьйгалхо волу Дела

81 [‡†] Асайпан назма.
Дела коьртехь дIахIутту стигалан гуламехь.
Гуламан декъашхошна юкъахь Цо Шен кхел
кхайкхайо.
2 «Мел лелар ду те шу, харцкхелаш еш?
Мел лелар ду те шу, Iесачарна озабезам а беш?
3 ГIийлачеран а, байн а бакъонаш ларъе,
къенаш а, мисканаш а бехказабаха.
4 ГIийланаш а, мисканаш а кIелхьарбаха.
Уьш Iесачу нехан карара схьабаха.
5 Шуна хIумма а ца хаьа, шу ца кхета,
шу боданехь санна лелаш ду,
шун когаш бухара латта леста.
6 [‡‡]Ас элира: „Шу деланаш ду,
Веза Воккхачун кIентий а ду шу дерриш а“.
7 Амма шу лийр ду, адамаш санна,
шу хIаллакьхир ду, муьлхха а куьйгалхо санна».
8 ХьалагIатта, Дела, кхел е дерриг а лаьтта тIехь,
хIунда аьлча дерриге а къаьмнаш Хьан долахь
ду.

### МостагIий эшорах лаьцна доIа

82 [‡‡†] Асайпан назма.
2 Дела! Вист ца хуьлуш ма висахьа,
къора а, хIумма а ца деш ма хилахьа, Дела.
3 Хьажахьа, Хьан мостагIий бу карзахбевлла,
Хьо ца везачу цара шайн кортош хьалаайина.
4 Хьан халкъана дуьхьал цара мекара ойланаш йо.
Хьуна дукхабезаш болчарна дуьхьал а къайлаха
барт бо.
5 Цара олу: «Даха а гIой, церан къам хIаллакде
вай,
кхин цкъа а Исраилан халкъан цIе дага ца
яийтархьама».
6 Берриш а вовшех дагабовлу,
цара Хьуна дуьхьал барт бо:
7 эдомхой а, исмаьIалхой а,
муабахой а, хIагирхой а,
8 гебалхой а, Iамминхой а, Iамалекхахой а,
Цора-гIаларчу бахархошца цхьаьна
пIелаштамхой а.
9 Ашур-мохк а царна тIаьхьахIоьттина,
ЛутIин тIаьхьенна гIортор хилла, дIахIоьттина
иза.
10 [‡‡‡]Дехьа царна Айхьа маданхошна диннарг,
Айхьа Къишун-хина уллохь Сисрина а, Ябинна а
диннарг.
11 Уьш Iейндарахь байинера,
ткъа церан декъех лаьттан кхелли хиллера.
12 [§]Царна а, церан куьйгалхошна а Айхьа Iорабна
а, Зиабна а диннарг дехьа,
церан массо а элана а Айхьа Зебахьна а,
ЦалманаIна а диннарг дехьа,
13 «Делан долахь долу латта
вайн дола доккхур ду вай», – аьлла болчу.
14 Сан Дела! Йилбазмохана дуьхьал нисъелла чан
санна хуьлийла уьш,
мохана дуьхьал нисделла ча санна а хуьлийла
уьш.
15 ЦIаро ягош йолу хьун,
алуно морцуш долу лаьмнаш санна,
16 Хьайн дарцаца лахкахьа уьш,
Хьайн йилбазмохаца кхерабехьа уьш.
17 Уьш юьхьIаьржачу хIиттабехьа, Веза Эла,
Хьайга кхайкхийтархьама.
18 ЮьхьIаьржачу а хIиттина, боьхна лелийла уьш
гуттар а,
эхь а доьссина, хIаллакьхуьлийла уьш.
19 Шен цIе Веза Эла йолуш волу Хьо бен Воцург,

† *80:4 Лелар 10:10.* †† *80:8 Арадаккхар 17:7; Лелар 20:13.* ‡ *80:10 Арадаккхар 20:2, 3; Карлабаьккхинарг 5:6, 7.* ‡† *Корта 81 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *82.** ‡‡ *81:6 Яхьъя 10:34.*

‡‡† *Корта 82 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *83.** ‡‡‡ *82:10 а: Куьйгалхой 7:1-23; б: Куьйгалхой 4:6-22.* § *82:12 а: Куьйгалхой 7:25; б: Куьйгалхой 8:12.*

дерриге а лаьтта тIехь Веза Воккханиг хилар
дIахоийла царна.

### Везачу Элан цIийнан керташкахь хила лаар

83 [†] Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга:
Гати-гIалара схьаяьллачу эшаран мукъамехь
ала еза. Кхорахьан тIаьхьенан назма.
2 Ва массо а ницкъийн Веза Эла!
Ма тайна ду-кх Хьо Iаш долу цIенош!
3 Сан са цига кхача лууш ду.
Везачу Элан цIийнан керташкахь хила
сан са хьаьгна а ду.
Самукъа а даьлла, сан дог а, сан дегI а
дийна волчу Деле кхойкхуш ду.
4 Хьозанна а шена даха меттиг карайо,
чIегIардигна а шен кIорнеш чуяхка бен карабо
Хьан сагIа доккхучу кхерчана уллохь,
массо а ницкъийн Веза Эла, сан Паччахь а, Дела
а!
5 Декъала бу Хьан цIа чохь бехаш берш:
уьш гуттаренна а Хьо хестош бу.
6 Декъала ву шен ницкъ Хьох боьзна верг а,
Хьан цIийне болчу новкъахула ваха дагахь верг
а.
7 Белхаран аренгахула дIабоьлхуш,
цигахь цара хьостанийн меттиг йо,
гуьйренан догIано иза Iаьмнашца юзайо.
8 Церан ницкъ тIех совболу,
уьш Цийонна тIехь Далла хьалха дIахIуьтту.
9 Массо а ницкъийн Веза Дела, дIахазахьа сан
доIа!
ДIахазахьа ас бохург, Якъубан Дела.
10 Тхо лардечу паччахье хьажахьа, Дела!
Декъалвехьа Айхьа къобалвинарг.
11 Хьан кертахь даьккхина долу цхьа де
вукху меттехь даьккхина эзар дийнал а тоьлу,
Делан цIийнан кевнехь латтар гIоле ду
Iесачеран четарш чохь Iачул.
12 Веза Дела вайна малх а, *турс* а ву.
Цо вайна диканиг до, вайн сий а до.
ЦIеначу новкъахула лелаш волчунна
муьлхха а диканиг дарехь Ша саца ца во Цо.
13 Ва массо а ницкъийн Веза Эла!
Декъала ву Хьох тешна Iаш верг!

### Къомана диканиг дар доьхуш долу доIа

84 [††] Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга:
Кхорахьан тIаьхьенан назма.
2 Веза Эла! Хьайн махкана диканиг дина Ахьа,
Якъубан тIаьхье юхаметтахIоттийна Ахьа.
3 Хьайн халкъан зуламна геч а дина Ахьа,
церан къинош къайла а даьхна Ахьа,
4 Хьайн оьгIазвахар а Ахьа дIадаьккхина,
Хьайн къизачу дераллех а Хьо дIавирзина.
5 Дела, тхан *КIелхьардохург*, тхо
юхаметтахIиттадехьа,
тхуна тIехь йолу Хьайн living дералла дIаяккхахьа.
6 Массо а ханна ю те Хьан оьгIазалла,
тIаьхьенашкара тIаьхьенашка а хир ю те Хьан
оьгIазалла?
7 Тхо юха дендийр дац те Ахьа,
Хьайн халкъ юха а Хьо бахьана долуш
доккхадейта?
8 Гайтахьа тхуна, Веза Эла, Хьайн хедар боцу
безам,
Хьайн кIелхьардаккхар а лохьа тхуна.
9 ЛадугIур ду аса Везачу Дала бохучуьнга.
Цо машар бийр бу Шен халкъаца, Шена тешаме
болчаьрца,
юха а тила ма лойла уьш.
10 Цунна хьалха ларамах буьзна берш
Цо кIелхьарбахар герга ду,
Цуьнан сийлалла вайн лаьттахь хилийтархьама.
11 Безам а, тешаме хилар а вовшахкхетар ду,
нийсоно а, маршоно а вовшашна барташ дохур
ду.
12 Тешаме хилар лаьттара хьаладер ду,
нийсо стигалара схьа охьахьоьжур ю.
13 Везачу Эло беркат лур ду,
ткъа лаьтто шен стом кхиор бу.
14 Нийсо Цунна хьалхаяьлла лелар ю,
цо Везачу Элана некъ кечбийр бу.

### ГIо доьхуш долу доIа

85 [‡] Даудан доIа.
Веза Эла, ладогIахьа сан доIане,
тахана гIийла а, миска а ву со.
2 Кхоадехьа сан са, Хьуна тешаме ма ву со.
Хьайх дегайовхо йолу Хьайн лай
кIелхьарваккхахьа, сан Дела.
3 Къинхетам бехьа сох, Веза Эла,
дийнахь сарралц Хьоьга кхойкху ас.
4 Хазахетар лохьа Хьайн лена,
Хьоьга кховдадо ас сайн са, Веза Эла.
5 Хьо дика а ву, гечдан кийча а ву, Хьалдолу Эла,
Хьайга кхойкхучаьрца массаьрца а бу Хьан хедар
боцу безам.
6 Веза Эла, сан доIа а хазий,
сан дехаршка ладогIахьа.
7 Доьхначу дийнахь кхойкху ас Хьоьга,
Ахь суна жоп лур долу дела.
8 Деланашна юкъахь Хьо саннарг вац, Хьалдолу
Эла,
Хьайнаш санна гIуллакхаш а дац.
9 [‡‡]Ахь кхоьллина халкъаш, схьа а даьхкина,
Хьуна хьалх� охьатаьIар ду, Хьалдолу Эла,
цара хастор ю Хьан цIе.
10 Дела, Хьо воккха ву,
Ахь до инзаре хIуманаш.
Хьо цхьаъ бен Дела вац.

† *Корта 83 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *84.**
†† *Корта 84 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *85.**
‡ *Корта 85 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *86.**
‡‡ *85:9 Довзийтинарг 15:4.*

[11] Хьайн новкъа ваккхахьа со, Веза Эла,
Хьуна тешаме волуш лелар вара со.
Сан дог кхоччуш Хьайх кхерийтахьа.
[12] Даггара Хьо хестор ву ас, сан Веза Дела,
Хьан цIеран сий дийр ду ас даим а,
[13] хIунда аьлча соьга болу Хьан хедар боцу безам боккха бу,
эхартах сан са кIелхьардаьккхи Ахь.
[14] Дела! Кура нах бевлла суна дуьхьал,
зуламхойн гIера ю сан са лоьхуш.
Хьоьга ларам бац церан.
[15] Амма, Хьалдолу Эла, Хьо дика а, къинхетаме а,
атта оьгIаз ца воьдуш а,
тешаме а, боккха безам болуш а ву.
[16] Соьга хьажий, сох къинхетам бехьа.
Хьайн лена Хьайн ницкъ лохьа,
Хьайн гIарбашан кIант кIелхьарваккхахьа.
[17] Хьайн диканах йолу билгало гайтахьа суна,
со ца везачарна, иза ган а гина, эхь хетар ду, Веза Эла,
хIунда аьлча Ахь гIо дина суна, Ахь тевина со.

### Ярушалайм хастор

**86** † Кхорахьан тIаьхьенан назма.
[2] Везачу Элан цIийнан бух дезачу лаьмнашкахь бу.
Якъубан тIаьхьенан массо а Iаш йолчу меттигал а
Цийонан кевнаш Везачу Элана дукха деза.
[3] Ва Делан гIала, хьох лаьцна
сийлахь хIуманаш олуш ду:
[4] «Со вевзачу къаьмнашна юкъахь Ас хьахор ду
Мисаран †† къам а, Бавелан къам а.
ПIелаштамхойх а, цорахойх а, хушахойх а лаьцна
эр ду, уьш Сан гIалахь бина бу аьлла».
[5] Ткъа Цийонах лаьцна бохур ду:
«ХIара а, важа а цигахь вина,
Веза Воккхачу Дала Ша иза чIагIйийр ю».
[6] Къаьмнаш тIеяздинчу тептар тIехь
Везачу Эло дIаяздийр ду:
«ХIара цигахь вина», – аьлла.
[7] Эшарш а лоькхуш, хелхарш дечара эр ду:
«Цийонера ду сан мел долу беркат».

### ГIо доьхуш бина тийжам

**87** ‡ Кхорахьан тIаьхьенан назма. Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга:
Iезарахьахо волчу ХIайманан хьехаме йолу хIара назма «Махьалат Лаунат» олучу мукъамехь лакха езаш ю.
[2] Веза Эла, сан кIелхьарваларан Дела!
Хьоьга кхойкху со дийнахь а,
Хьуна хьалха ву со буса а.
[3] Хьан юьхь-дуьхьал дIакхочийла хIара сан доIа.
ЛадогIахьа хIокху сан орца даккхаре.
[4] ХIунда аьлча сан дог баланех хьаладуьзна,
ткъа дахар эхартана уллохь ду.
[5] Со кошана уллохь болчу нахаца дIанисвелла.
Со гIора доцу стаг хилла дIахIоьттина.
[6] Со беллачу нахана юкъахь волуш санна ву,
со вийна Iуьллу стаг санна ву,
Хьуна дага а ца вогIуш,
Ахь гIо дечуьра дIа а ваьлла.
[7] Ахь со эхартан саьнгар чу виллина,
бодане, бух боцучу Iин чу тесна.
[8] Язъелла суна тIехь Хьан дералла,
Хьайн ерриге а тулгIенашца хьаьшна Ахьа со.
[9] Ахь сан доттагIашка а со витийтина,
царна хьалха маьттаза вина дIахIоттийна Ахьа со.
Со чохь Iаш ву, аравала йиш а яц сан.
[10] Сан бIаьргаш дукха велхарна лозуш бу.
ХIора дийнахь со Хьоьга кхойкхуш ву,
сан куьйгаш Хьоьга дIакховддийначохь лаьтташ ду.
[11] Беллачарна лерина ду ткъа Хьан тамашийна гIуллакхаш?
Я белларш, хьала а гIевттина, Хьуна хастамаш беш хир бу?
[12] Хьан хедар боцучу безамах лаьцна коша чохь дуьйцуш хир ду ткъа?
Я Хьан тешаме хиларх лаьцна талхаран меттехь дуьйцуш хир ду ткъа?
[13] Ахь дина тамашийначу гIуллакхех лаьцна боданечу меттехь хуур ду ткъа?
Бицбеллачеран дуьненахь Хьан нийсонах лаьцна хуур ду ткъа?
[14] Амма со, Веза Эла, Хьоьга кхойкхуш ву,
сахуьлучу хенахь ас сайн доIа Хьуна хьаладоуьйту.
[15] Веза Эла, со хIунда дIатоьтту Ахь?
Сох хIунда йоху Ахьа Хьайн юьхь къайла?
[16] Ас жимачу хенахь дуьйна гIело а хьоьгу, Iожаллина уллохь а ву со.
Хьан къематаш а хьоьгуш, со дог доьхна ма ву.
[17] Хьан дералла суна тIехула йоьдуш ю.
Хьан бохамаша со хIаллаквеш ву.
[18] Дийнахь сарралц цара, тIехдогIучу хино санна, суна го бо,
цара со массо а маьIIера дIа а хьулво.
[19] Ахьа суна уллора сан гергарнаш а, доттагIий а дIабаьхна.
Сан накъост санна болу бода бен, стаг а ца висна.

### Къам холчу хIоьттинчу ханна лерина йолу назма

**88** ‡† ‡‡ Iезарахьахо волчу Этанан хьехаме назма.
[2] Хьан хедар боцучу безамах лаьцна, Веза Эла,
ас даим а назманаш бохур ю,
Хьан тешаме хиларх лаьцна

---

† *Корта 86 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *87.**
†† *Мисар *– ма-дарра аьлча: «Рахьаб». Мисаран байташ тIехь лелош йолу цIе ю иза.** ‡ *Корта 87 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *88.**

‡† *88:1 Сулим 4:31.* ‡‡ *Корта 88 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *89.**

массо а тӀаьхьенашкахь Аса сайн багахула дӀахоуьйтур ду.
[3] Ас боху: «Хьан хедар боцу безам абаденналц дӀахӀоттийна,
Хьайн тешаме хилар Ахь стигалшкахь дӀахӀоттийра».
[4] Ахь элира: «Ас барт бина Айса хаьржинчу паччахьца,
Ас чӀагӀо йина Сайн ялхо волчу Даудана:
[5] †„Абаденналц Аса хьан тӀаьхьенах стаг паччахь вина дӀахӀоттор а ву,
массо а тӀаьхьенашкахь хьан паччахьан гӀант Аса лоттуьйтур а ду“».
[6] Веза Эла, Хьан тамашийначу хӀуманашна стигалша хастам бо,
Хьан тешаме хилар а Хьан дезачу маликийн гуламехь хастадо.
[7] ХӀунда аьлча мила ву стигалшкахь Везачу Элаца нисвала?
Мила ву стигалан бахархошна юкъахь Везачу Элаца нисвала?
[8] Делан дезачу маликийн гуламан декъашхой Цунах кхоьру,
массо а Цунна гонах болчарал Иза ларамах бузуьйтуш ву.
[9] Ва массо а ницкъийн Веза Дела!
Мила ву Хьо санна ницкъ болуш, Веза Эла?
Хьан тешаме хилар Хьуна гонах ду.
[10] Ахьа олалла до карзахбаьллачу хӀордана тӀехь:
цуьнан тулгӀенаш хьалаюьйллушехь, Ахь уьш совцайо.
[11] ХӀордан саьрмик РахӀаб, эшийнарг санна, хьаьшна Ахьа,
Хьайн ондачу куьйгаца Хьайн мостагӀий а дӀасабаржийна Ахьа.
[12] Стигалш а, латта а Хьан ду.
Дерриг а дуьне а, цунна чохь мел дерг а Ахьа дӀахӀоттийна ду.
[13] Къилбаседехьа а, къилбехьа а ерг Ахьа кхоьллина.
Табур-лам а, Хьермон-лам а Хьуна баккхийбеш бу.
[14] Ницкъ болуш бу Хьан пхьарс,
Хьан куьг ма онда ду,
Хьан аьтту куьг толаме ду!
[15] Нийсо а, бакъдерг а ду Хьан паччахьан гӀантана бух хилла дӀахӀоьттинарг.
Безам а, тешаме хилар а ду Хьуна хьалхадаьлла лелаш.
[16] Декъала ду Хьуна хастамаш бан хиъна долу къам.
Хьан юьхьан серлонехь лелаш ма бу уьш, ва Веза Эла.
[17] Хьох уьш дерриг а дийнахь сакъералуш хуьлу,
Хьо нийса хиларна уьш баккхийбеш а хуьлу.
[18] ХӀунда аьлча Хьо церан ницкъ а, сийлалла а ву,
Хьо дика хиларна, Ахь тхуна толамаш а ло.
[19] Везачу Элера ду тхан *турс*,
Исраилан халкъан Везачуьнгара ву тхан паччахь.
[20] Цкъа мацах, сурт хӀотточу хенахь,
Хьайна тешамечу нахе Ахь элира:
«Доьналла долчунна Ас гӀо дира,
нахана юкъара верг Аса хьалаайира.
[21] ††Сан ялхо волу Дауд кара а вина, Ас цунах паччахь вира,
цунна тӀе Сайн деза даьтта а дуттуш, Аса иза къобалвира.
[22] Сан куьйго цунна ницкъ а лур бу,
Сан пхьаьрсо иза чӀагӀ а вийр ву.
[23] МостагӀа цул тоьлур вац,
вочу наха цунна гӀело а йийр яц.
[24] Ас цунна хьалха мостагӀий эшор бу,
иза цавезарш хӀаллак а бийр бу.
[25] Сан тешам а, Сан безам а цуьнца хир бу,
Со цуьнца хиларна, цо толамаш бохур бу.
[26] Ас цуьнан куьг хӀордана тӀе дуьллур ду,
хишна тӀехула цуьнан аьтту куьг а дӀадохуьйтур ду ‡.
[27] Цо Соьга эр ду: „Хьо – сан да а, сан Дела а ву,
со кӀелхьарвоккхур волу *тарх* а ю“.
[28] ‡†Ас цунах Сайн дуьхххьарлера доьзалхо вийр ву,
иза дуьнен чохь болчу массо а паччахьел лекха а хир ву.
[29] Цуьнца болу Сан безам абаденналц хир бу,
Ас цуьнца бина барт массо а ханна чӀагӀбийр бу.
[30] Цуьнан тӀаьхье Ас гуттаренна а латтор ю,
стигал мел лаьтта, лаьттар ду цуьнан паччахьан гӀант а.
[31] Нагахь цуьнан тӀаьхьено *товрат-хьехам* битахь,
я уьш Аса тӀедехкинаршца ца лелахь,
[32] нагахь Сан парзаш цара дохадахь,
я Сан весеташ цара лар ца дахь,
[33] цара лелийначу зуламна Ас гӀожаца таӀзар дийр ду,
цара летийначу къиношна еттарца Ас таӀзар дийр ду.
[34] Ткъа Сайн цаьрга болу безам Ас царах боккхур бац,
Сайн царна леринчу тешаме хиларх Со дӀавоьрзур вац.
[35] Цаьрца Айса бина барт Аса бохор бац,
Сайн багахула дӀааьлларг хуьйцур а дац.
[36] Гуттаренна а цкъа Сайн возаллех Ас чӀагӀо йина:
Дауде Аса цкъа а харцдерг дуьйцур дац.
[37] Цуьнан тӀаьхье массо а хенахь хир ю,
ткъа цуьнан тӀаьхьенан паччахьалла лаьттар ду,
стигалахь малх мел лепа.
[38] Иза хир ю абаденналц дӀахӀоттийна болу а,
стигалшкахь тешаме теш болу а бутт санна».
[39] Амма Хьан паччахь Ахь цавашарца дӀатеттина,
Айхьа къобалвинчунна Хьо оьгӀазвахана.

† 88:5 *Дауд 7:12-16; 1 Шерашкахь 17:11-14; Забур 131:11; Векалийн 2:30.*

†† *88:21 а: Шамъал 13:14; Векалийн 13:22; б: Шамъал 16:12.*
‡ *ХӀордана тӀе *– кхузахь: Дуьненаюккъера хӀорд. *Хишна тӀехула *кхузахь: Эпрат-хи.** ‡† *88:28 Довзийтинарг 1:5.*

40 Хьайн ялхочуьнца бинчу бартах Хьо дIавирзина,
цуьнан *таж* а лаьттах тоьхна Ахьа.
41 Цуьнан гIалин массо а пенаш дохийна Ахьа,
цуьнан чIагIонаш, саьлнаш йина, дIахIиттийна Ахьа.
42 Массо а тIехволучо цунна къола до,
шен лулахошна хьалха беламе хилла дIахIоьттина иза.
43 Цуьнан мостагIашка Ахьа цунна тIехь толам баккхийтина,
Ахь цуьнан мостагIийн сакъерадалийтина.
44 Цуьнан туьран ипалла Ахьа артйина,
цунна тIамехь гIо а ца дина.
45 Паччахьан сийлалла а цуьнгара схьаяькккхи Ахьа,
цуьнан паччахьан гIант а лаьтта охьадожий Ахьа.
46 Цуьнан жималлин шераш дацди Ахьа,
цунна тIе юьхьIаьржо а йоссийти Ахь.

### КIелхьарваккхаран доIа

47 Дукха лаьттар вуй те Хьо, Веза Эла, къайлаваьлла?
Дукха лаьттар юй те Хьан оьгIазвахаран алу?
48 Дагадаийтахьа, мел доца ду сан дахаран денош.
Эрналлин дуьхьа кхоьллина те Ахьа адамаш?
49 Вуй те хIокху дахарехь валар ганза волу стаг,
я эхартан карара шен са кIелхьардаькккхинарг?
50 Мичахь ду те, Хьалдолу Эла, Хьан безам гойтуш долу хьалхалера гIуллакхаш?
Мичахь ду те тхоьца тешаме хиларца Ахь Даудана чIагIо йина гIуллакхаш?
51 Дагадаийтахьа, Хьалдолу Эла, Хьан ялхо волчунна мостагIаша бина дегабаам а,
сайн дагахь дерриге а къаьмнаш сох кхардар со хьоьгуш хилар а.
52 Хьан мостагIий, Веза Эла, сох кхаьрдаш ма бу,
Ахьа къобалвинарг мел вахахь а, уьш цунах кхаьрдаш ма бу.
53 Декъала хуьлда Веза Эла абаденналц!
*Амин*, амин.

## ДоьалгIа тептар

*(Забур 89–105)*

### Делах а, адамах а лаьцна

89 † Делан стеган Мусан доIа.
2 Хьалдолу Эла! ТIаьхьенашкара тIаьхьенашка
тхо Iаш йолу меттиг ю Хьо.
3 Лаьмнаш дуьнен чу довлале,
дуьненан латта Ахьа кхоллале,
азалера абаде кхаччалц
Хьо ву Дела.
4 Стагах юха а чан а йой,
Ахь олу: «Юхадерза, адамаш!»
5 ††Хьуна эзар шо селханлера де санна ду,
буьйсанна ларйина хан санна ду.
6 Ахь, дIадаьлла гIан санна, дIахьо адамаш.
Уьш Iуьйранна хьалаяьлла буц санна ду.
Буц Iуьйранна, хаз а лой, сенло,
ткъа сарахь, маргIал а юлий, якъало.
7 Хьан оьгIазалло хIаллакдо тхо,
Хьан дераллах тхо кхоьру.
8 Тхан къинош Хьайна хьалха дехкина Ахь,
оха къайлаха динарг Хьайн нуьре даькккхина Ахь.
9 Хьан оьгIазалла тIехь а йолуш, чекхдевлла тхан денош.
Iаь санна, довш ду тхан шераш.
10 Тхан шерийн денош кхузткъе итт шо ду,
мелла а ондачийн – дезткъа шо,
ткъа царах уггар а тоьлла хан къинхьегам а, гIайгIанаш а йолуш ю.
Шераш сиха дIа а довлий, тхо дIадоьлху.
11 Хьанна хаьа, Хьан оьгIазалла мел нуьцкъала ю,
Хьоьга кхоччуш болу ларам хиллал, Хьан дералла Хьанна евза?
12 Тхайн дахаран денош лара Iамадехьа тхо,
тхан дегнашна хьекъал довзийтархьама.
13 ТIеверзахьа, Веза Эла! Кхин мел лаьттар ю те Хьан оьгIазалла?
Къинхетам бехьа Хьайн лейх.
14 ХIора Iуьйранна Хьайн хедар боцучу безамах дузахьа тхо,
тIаккха кху лаьтта тIехь йоккхучу хенахь самукъадаьлла а, даккхийдеш а хир дара тхо.
15 Айхьа тхуна таIзар динчу денойл а,
тхуна халонаш гинчу шерел а дуьхьал
самукъадаларан хан лохьа тхуна.
16 Хьан лешна Хьан дика болх гойла,
церан берашна Хьан сийлалла лепийла.
17 Тхан Хьалдолчу Делан дика болх хуьлда тхуна.
ГIуллакхаш тIехь тхан аьтто белахь,
тхан гIуллакхаш а аьтто болуш хилийталахь.

### Вай лардеш волу Дела

90 ‡ Веза Воккхачун тхов кIелахь вехаш верг
НуьцкъалчунIиндагIехь Iаш ву.
2 Цо олу Везачу Эле: «Хьо сан гIап а, ха а ду,
сан дегайовхо Хьайца йолу Дела а ву!»
3 Цо кIелхьарвоккху хьо мостагIчун гурах а,
лечу цамгарх а.
4 Шен тIемашца дIахьулвина, Цо Iалашвийр ву хьо.
Цуьнан тешаме хилар ду хьан *турс* а, дуьхьало а.
5 Буьйсанна хуьлучу Iадорах а,
дийнахь кхоьссинчу пхарах а кхоьрур вац хьо,
6 боданехь лелачу уьнах а,
делкъехь кхетачу цамгарх а кхоьрур вац.
7 Хьуна гонах эзар а,

† Корта 89 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *90.*

†† 89:5 2 Кипин 3:8. ‡ Корта 90 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *91.*

аьтту агIор итт эзар а вожа мега,
амма хьуна Iожалла тIейогIур яц.
8 Хьайн бIаьргашца гур ду хьуна
зуламечу нахана таIзар хуьлуш.
9 Везачу Элах хьайн гIап йина ахь.
Веза Воккханиг хьайн Ларвийриг хаьржина ахь.
10 Хьуна вон болх а хир бац,
цамгар хьан цIенна улло а йогIур яц.
11 †Везачу Эло Шен маликашна тIедуьллур ду
массо а хьан некъашкахь хьо ларвар.
12 ††Цара куьйгаш тIехь дIахьур ву хьо,
хьан ког тIулгах а ца тасаболуьйтуш.
13 ‡Лом а, лаьхьа а хьошур ду ахь,
лоьман кIорни а, текхарг а эшор ду.
14 Везачу Эло олу: «Со везарна кIелхьарвоккхур ву Ас иза,
Iалашвийр ву Со ларарна.
15 Сайга кхайкхахь, жоп лур ду цунна.
ГIайгIанехь Со цуьнца ву.
Ас иза паргIат а воккхур ву,
цуьнан сий а дийр ду.
16 Цуьнан дахар деха а хуьлуьйтур ду,
цунна кIелхьарвалар а лур ду».

### Хасторан йиш

91 ‡† Далла леринчу шоьтан дийнахь локху назма.
2 Ма дика ду-кх, Веза Эла, Хьуна хастамаш бар,
Хьуна лерина эшарш лакхар, Веза Воккханиг,
3 Iуьйранна Хьан къинхетамах лаьцна дийца,
ткъа буьйсанна – Хьан билггал бакъдолчух лаьцна дийца,
4 итт мерз болчу дечиг-пондар тIехь а,
хаза аз долчу дечиг-пондар тIехь а.
5 Хьан гIуллакхаша, Веза Эла, соьга сакъоьруьйту,
Хьан куьйго динчунна со хастамийн йиш локхуш ву.
6 Даккхий ду Хьан гIуллакхаш, Веза Эла,
кIорга ю Хьан ойланаш!
7 Хьекъал доцучун кхета ницкъ бац,
сонтачун кхетам а ца кхочу,
8 Iесанаш, буц санна, гучубийлахь а,
харцонаш лелочеран аьтто балахь а,
уьш гуттаренна а дIабаьхна хиларх.
9 Ткъа Хьо, Веза Эла,
абаденналц массарна а тIехь
олалла дийриг ма ву!
10 Хьан мостагIий, Веза Эла, хIаллакьхир ма бу,
вонаш лелораш дIасалаьхкина хир ма бу.
11 Ткъа со Ахьа, бугIа санна, ницкъ болуш вина,
суна керла зайтдаьтта а хьаькхна.
12 Сайн мостагIашна тIехь толам баккхар гина сан бIаьргашна.
Сан лергашна хезна суна дуьхьалбевллачара хьекхна маьхьарий.
13 Делан лаамехь берш, хурма-дитт санна, заза даькkхина хуьлу,
Ливанун-махкара баган-дитт санна, уьш хьала а кхуьу.
14 Везачу Элан цIенна уллохь доьгIна дитт санна,
вайн Делан керташкахь заза доккху цара.
15 Уьш хан яьллачу хенахь а стом бахьаш хуьлу,
ховха а, сийна гIа долуш а хуьлу.
16 Иштта дIагойтуш ду Веза Эла бакъ хилар а,
сан *тарх* волчу Цуьнца харцдерг цахилар а.

### Везачу Элан паччахьалла дIакхайкхор

92 ‡‡ Везачу Эло паччахьалла до.
Цунна тIехь сийлаллин духар ду.
Веза Эла духар дуьйхина ву,
Цо ницкъан доьхка дихкина.
Дуьне онда лаьтташ а ду,
иза меттахдер а дац.
2 Хьан *Iарш* ширачу заманал хьалха а йолуш ю.
Хьо азалера дуьйна а волуш ву.
3 Хин Iовраша, Веза Эла, хьалаойу,
хин Iовраша шайн аз хьалаойу,
хин Iовраша чIогIа гIовгIа йо.
4 Амма дукхачу Iоврийн гIовгIанал чIогIа бу,
хIордийн тулгIенийн гIовгIанал чIогIа бу
лакхаллехь волчу Везачу Элан ницкъ.
5 Ахьа хIиттийна бакъонаш тешаме ю.
Хьан цIа дерриг а деношкахь,
Веза Эла, деза хиларца хаздина ду.

### Веза Эла массо а нехан кхелахо хилар

93 ‡‡† Веза Эла, Хьо – бекхам беш волу Эла ву,
лепаш дIахIоттахьа, бекхам беш волу Дела!
2 ГIаттахьа, дуьненан Кхелахо,
курачарна бекхам бехьа.
3 Мел дахлур ду те Iесачеран сакъерадалар?
Мел дахлур ду те уьш баккхийбер?
4 Цара шайн кура хабарш дуьйцу.
Массо а зуламхой дозаллех буьзна бу.
5 Хьан халкъана, Веза Эла, гIело йо цара,
Хьан долахь берш цара бацабо.
6 Цара бисина Iаш болу зударий боха а бо,
тIебаьхкина нах а, бай а хIаллак а до.
7 Цара боху: «Везачу Элана хIара ца го,
Якъубан Дала хIокхуьнан тидам ца бо».
8 Хьекъале дуьйлийша, нахана юкъара кхетам боцурш!
Маца кхетар ду теша шу, хьекъал доцурш?
9 Шуна лергаш Деллачунна дIахезар дац ткъа?
Шуна бIаьргаш Деллачунна дIагур дац ткъа?
10 Халкъашна таIзар Дечо шу нисдийр дац ткъа?
Адамаш Iамош Волчун хьекъал ца кхочу ткъа?
11 ‡‡‡Везачу Элана адаман ойланаш евза,
Цунна хууш ду и ойланаш эрна юйла.
12 Декъала ву, Веза Эла, Ахьа хьехар деш верг,

† *90:11 Маттай 4:6; Лака 4:10.* †† *90:12 Маттай 4:6; Лака 4:11.* ‡ *90:13 Лака 10:19.* ‡† *Корта 91 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *92.**

‡‡ *Корта 92 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *93.**
‡‡† *Корта 93 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *94.**
‡‡‡ *93:11 1 Коринтхошка 3:20.*

Хьан товрат-хьехамаш Хьоьгара Iамош верг.
[13] Бохаман деношкахь Ахьа цунна синтем ло,
Iесачарна каш аьхкина даллалц.
[14] Везачу Эло Шен халкъ дIатоттур дац,
Цо Шен долахь берш цкъа а буьтур бац.
[15] Кхел ечу меттигашка нийсо юхайоьрзур ю,
ткъа догцIена мел берш цунна тIаьхьахIуьттур бу.
[16] Мила ваьлла сан дуьхьа зуламечу нахана дуьхьал?
Мила хилла соьца харцонаш лелош болчарна дуьхьал?
[17] Везачу Эло суна гIо ца динехь,
кестта сан са эхартан тийналлехь хир дара.
[18] «Сан ког серша», – аьлла, суна хетачу хенахь,
Хьан безамах, Веза Эла, суна гIортор хилира.
[19] Кийрахь со гIайгIане волчу хенахь,
Ахьа бинчу синхьаамо сан дог синтеме далийра.
[20] Хьоьца цхьаьнакхетар ма бац телхина кхелахой,
нахана бохам баккха Iедал дерзораш.
[21] Уьш цхьаьна а кхетий, нийса лелачарна дуьхьалбовлу,
цара бехк боцучунна вайаран кхел кхайкхайо.
[22] Амма Веза Эла сан гIап хилла дIахIоьттина,
сан Дела суна къайлаваккхаран *тарх* хилла.
[23] Цара лелийначу зуламех Цо бекхам бийр бу,
цара динчу вонна Цо уьш хIаллак а бийр бу.
Вайн Везачу Дала уьш хIаллакбийр ма бу!

### Хастаман назма

94 † Схьадуьйла, Везачу Элана хастам бер вай,
вайн кIелхьардовларан Тархе даккхийдерца кхойкхур вай.
[2] Хастамаш барца Цунна хьалха хIуьттур вай,
даккхийдерца эшаршкахь Цуьнга кхойкхур вай.
[3] Веза Эла сийлахь Дела ву,
Массо а деланашна тIехь сийлахь Паччахь ву Иза.
[4] Лаьттан кIоргалла а Цуьнан карахь ю,
лаьмнийн баххьаш а Цуьнан ду.
[5] ХIорд а Цуьнан бу, Цо иза кхоьллина дела,
ткъа декъа латта Цуьнан куьйгаша дина ду.
[6] Дуьйло, Далла хьалха охьатаьIар вай,
вай кхоьллинчу Везачу Элана хьалха горахIуьттур вай.
[7] ††ХIунда аьлча Иза вайн Дела ву,
Цо Iалашдеш долу халкъ ду вай,
Цуьнан куьйга кIел долу жа ду.
Тахана, нагахь шуна Цуьнан аз хазахь,
[8] ‡«Дуьхьал ма дийлалаш, Мерибахь а, Массехь а санна а,
зеран дийнахь яьссачу арахь санна а.
[9] Шун дайша Со зийра цигахь,
Ас дина мел дерг шайна гиннашехь.
[10] Шовзткъа шарахь цу тIаьхьенна оьгIазъоьхуш Iийра Со.
Ас элира: „Шайн дегнашкахь тиладелла халкъ ду иза,
Сан новкъа ца баха уьш“.
[11] ‡†Цундела Сайн оьгIазаллица Ас чIагIо йира,
синтем лур бу аьллачу метте кхочур бац уьш аьлла».

### Веза Эла уггар лекха паччахь хилар
(1 Шерашкахь 16:23-33)

95 ‡‡ Керла йиш лакха Везачу Элана,
дерриг а дуьнено лакха Цунна.
[2] Эшарш лакха Везачу Элана, хастам бе Цуьнан цIарна!
Де дийне мел дели, Цуьнан кIелхьардахар кхайкхаде.
[3] Къаьмнашна юкъахь Цуьнан сийлалла дIакхайкхае,
массо а халкъашка Цуьнан тамашийна гIуллакхаш дIадийца.
[4] Сийлахь ву Веза Эла, Цунна хастамаш бан хьакъ а ду.
Массо а деланел а Шега болчу ларамах бузуьйтуш ву Иза.
[5] Кхечу къаьмнийн массо а деланаш – цIуш бу,
ткъа Везачу Эло стигалш кхоьллина.
[6] Цунна гонах паччахьан сий а, исбаьхьалла а ю.
Цуьнан деза цIа ницкъах а, сийлаллех а дуьзна ду.
[7] ‡‡†Къаьмнийн доьзалш, Везачу Элана хастамаш бейша!
Везачу Элан сийлалла а, ницкъ а кхайкхадейша!
[8] Везачу Элан цIеран сийлаллина лерина кхайкхамаш бейша!
СагIанаш а дахьаш, Цуьнан цIийнан керта дуьйлийша!
[9] Везачу Эло Шен возалла гойтучу хенахь Цунна суждане гIойша.
Дерриг а дуьне, дегаде Цунна хьалха!
[10] ДIаала халкъашка: «Веза Эла паччахьалла деш ву!
Латта чIогIа лаьтташ ду, ткъа иза меттахдер а дац!
Цо бакъонца кхел йийр ю халкъашна юкъахь».
[11] Стигалш сакъералойша! Латта, даккхийде!
ХIордо а, цунна чохь мел долчу хIумано а гIовгIа е!
[12] Кхаш а, царна тIехь мел дерг а даккхийдеш хила.
Хьуьнхахь мел долу дитташ а даккхийдеш хила
[13] Далла хьалха, хIунда аьлча Иза вогIуш ву,
дуьненна нийса кхел ярхьама.
Цо дуьненна нийсонца кхел йийр ю,
халкъашна а догцIеналлица кхел йийр ю.

† *Корта 94 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *95.**
†† *94:7-11 Iебархошка 3:7-11 94:7, 8 Iебархошка 3:15; 4:7.* ‡ *94:8, 9 Арадаккхар 17:1-7; Лелар 20:2-13.*
‡† *94:11 а: Лелар 14:20-23; Карлабаькkхинарг 1:34-36; Iебархошка 4:3, 5; б: Карлабаькkхинарг 12:9, 10.* ‡‡ *Корта 95 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *96.** ‡‡† *95:7-9 Забур 28:1, 2.*

### Веза Эла уггар лекха паччахь хилар

96 † Веза Эла паччахьалла деш ву: дуьне доккхадеш хуьлийла!
ХІордан йистехь мел дехаш долу къаьмнаш а сакъералуш хуьлийла!
2 Цунна гонах мархаш а, Іаьржа бода а бу.
Нийсо а, бакъдерг а Цуьнан Іаршан бух бу.
3 Цунна хьалха цІе йоьдуш а ю,
ткъа Цунна гонах мел болу мостагІий
оцу цІаро дІакхоллуш а бу.
4 Цуьнан стелахаьштиго дерриг а дуьне серладоккху.
Хьежа а хьоьжуш, латта дегош ду.
5 Лаьмнаш, балоз санна, дешаш ду Везачу Элана хьалха,
дерриге а дуьненан Хьалдолчу Элана хьалха.
6 Стигалша Цуьнан нийсо дІакхайкхайо,
массо а халкъашна Цуьнан сийлалла го.
7 ЮьхьІаьржачу хІуьтту цІушна Іибадат деш берш,
эхьах бузуьйту харцделанех дозалла деш берш.
Цунна хьалха суждане боьлху массо а деланаш.
8 Цийон, иза хаза а хезна, йоккхаеш ю,
ЯхІуд-мехкан ярташ сакъералуш ю,
Веза Эла, Ахь нийса кхелаш йина дела.
9 Хьо, Веза Эла, дерриг а дуьнен тІехь уггар лекханиг а ву,
массо а деланел а кхоччуш лекха а ву.
10 Веза Эла везаш дерш, ма дезийша вониг!
Цо Шен долахь болчеран синош лар а до,
Цо уьш Іесачеран карара схьа а боху.
11 Цуьнан лаамехь болчарна тІехь Делан нур лепа,
догцІена болчарна тІе доккхадер дуссу.
12 Сакъералуш хила, Делан лаамехь дерш,
Везачу Эло шун дуьхьа мел динчунна!
Цуьнан возалла дага а лоцуш,
хила Цунна хастамаш беш!

### Дала дуьненна тІехь куьйгалла до

97 †† Назма.
Везачу Элана керла йиш лакхийша,
Цо тамашийна гІуллакхаш дина дела.
Цуьнан аьтту куьйго а,
Цуьнан нуьцкъалчу пхьаьрсо а
Цуьнга толам баккхийтина.
2 Везачу Эло Шен кІелхьардаккхар довзийтина,
Шен нийсо а Цо халкъашна хьалха гайтина.
3 Цо биц ца бина Шен хедар боцу безам а,
Исраилан халкъана Ша тешаме хилар а.
Лаьттан массо а маьІІера болчу нахана дІагина
вайн Дала Шен халкъ кІелхьардаккхар.
4 Самукъане кхайкха Везачу Эле, дерриг а дуьне,
адамаш, даккхий а деш, Цунна хастаман эшарш лекха!
5 Дечиг-пондар лакха Везачу Элана,
эшарийн аьзнашца а, дечиг-пондаршца а лакха Цунна.
6 Турбанаш а, маІаш а лоькхуш, самукъадолуш хила
Паччахь волчу Везачу Элана хьалха.
7 Сакъералуш хуьлийла хІорд а, цунна чохь мел долу хІума а,
иштта дерриг дуьне а, цунна тІехь дехаш мел дерг а.
8 Хиша шайн тІараш а деттийла,
лаьмнаш цхьаьний самукъане а хуьлийла,
9 Везачу Элана хьалха цара эшарш а лоькхийла,
хІунда аьлча Иза ву лаьттана кхел ян вогІуш.
Цо дуьненна нийсонца кхел йийр ю,
халкъашна а догцІеналлица кхел йийр ю.

### Веза Эла уггар лекха паччахь хилар

98 ‡ ‡†Везачу Эло паччахьалла до: дегадойла халкъаш!
Иза каруб-маликашна тІехула йолчу
Шен Іаршана тІехь хиъна Іаш ву:
дегадойла латта!
2 Веза Эла Цийонехь сийлахь-воккха ву,
Иза дерриге а къаьмнел лекха а ву.
3 Цара хастам бойла Хьан цІарна,
иза сийлахь а, ларам бузуьйтуш а ю,
Дела веза ма ву!
4 Паччахь нуьцкъала ву,
Иза нийса кхел езаш ву.
Ахь нийсо дІахІоттийна.
Якъубан тІаьхьенан халкъана
Ахь бакъдерг а, нийсо а лелийна.
5 Вазвейша вайн Веза Дела,
Цуьнан когийн кІелонна хьалха Іибадат дейша,
Дела веза ма ву!
6 Динан дайшна юкъахь Муса а, АхІарон а вара,
ткъа Шамъал а вара Цуьнга кхойкхучарна юкъахь.
Цара Везачу Эле доІанаш дора,
Цо царна дуьхьал жоп а лора.
7 ‡‡Мархин бІогІамна юкъара схьа вистхуьлуш вара Иза цаьрга.
Цуьнан бакъонаш а, Цо делла парзаш а цара лардора.
8 Тхан Веза Дела! Ахьа цаьрга ладугІура.
Хьо церан къиношна гечдеш волу Дела хилира,
ткъа цара лелийначу вонашна Ахь бекхам бора.
9 Вазвейша вайн Веза Дела!
Іибадат дейша Цуьнан безачу лома тІехь,
хІунда аьлча веза ву вайн Веза Дела.

### Хасторан назма

99 ‡‡† Баркаллин назма.
Дерриг а латта, самукъане кхайкха Везачу Эле!

† *Корта 96 (Грекийн) *– Іебархойн меттан тептар тІехь: *97.**
†† *Корта 97 (Грекийн) *– Іебархойн меттан тептар тІехь: *98.**
‡ *Корта 98 (Грекийн) *– Іебархойн меттан тептар тІехь: *99.**
‡† *98:1 Арадаккхар 25:22.* ‡‡ *98:7 Арадаккхар 33:9.* ‡‡† *Корта 99 (Грекийн) *– Іебархойн меттан тептар тІехь: *100.**

2 Хазахетарца Iамал е Везачу Элана.
Цунна хьалха даккхийдеран эшаршца гIо!
3 ДIахаалаш, Веза Эла – Дела вуйла.
Вай кхоьллинарг Иза ву, вай Цуьнан долахь а ду.
Вай Цуьнан халкъ а ду, Цуьнан дежийлашкара уьстагIий а ду.
4 Баркалла аларца довлалаш Цуьнан кевнна чу,
иштта Иза хаставарца Цуьнан керташка а.
Баркалла ала Цунна, декъалъе Цуьнан цIе.
5 †ХIунда аьлча Веза Эла дика ву,
Цуьнан хедар боцу безам абаденналц бу,
ткъа Цуьнан тешаме хилар лаьтташ ду
массо а тIейогIучу тIаьхьенашна.

## Паччахьан ваIда

100 †† Даудан назма.
Тешаме хиларх а, нийсонах а лаьцна ас назма эр ю,
Хьуна, Веза Эла, ас хастаман йиш локхур ю.
2 Аса тидам бийр бу цIеначу новкъахь со лелаш хиларан.
Хьо маца вогIур ву те суна тIе?
ЦIеначу дагца со лелар ву сайн цIа чохь.
3 Ас сайна уллохь вон гIуллакх дойтур дац.
Делах дIабирзинчара лелораш суна ца деза.
И хIуманаш суна тIелетар дац.
4 Телхина ойланаш ас дага чуьра дIахерйийр ю.
Вон хIуманаш суна девзар дац.
5 Къайлаха шайна уллорачарна луьйш берш
ас дIасовцор бу.
Кура бIаьргаш а, кура дог а дерш
сайна уллохь хуьлуьйтур бац.
6 Аса къобалбийр бу махкахь Далла тешаме берш,
уьш сайца цхьаьна бахкийтархьама.
ЦIеначу новкъахь лелаш болчаьрга –
цаьрга сайна гIуллакх дойтур а ду.
7 Ямарта волу стаг сан цIа чохь Iийр вац.
Харцдерг дуьйцург сан бIаьргашна хьалха лаьттар вац.
8 ХIора Iуьйранна ас совцор бу
махкахь болу массо а Iесанаш.
Везачу Элан гIалара Аса дIабохур бу
берриш а харцонаш лелош берш.

## Баланехь волчун доIа

101 ‡ Баланехь волчу стеган доIа, иза дог доьхна волчу хенахь дина цо, Везачу Элана хьалха шен бала балхочу хенахь.
2 Веза Эла! ДIахазахьа сан доIа,
сан орца даккхар Хьо волчу дIакхочийла.
3 Соьга вон деанчу дийнахь
Хьайн юьхь сох къайла ма яккхахьа.
Хьайн лерг соьга схьадерзадехьа,
со Хьайга кхойкхучу дийнахь
суна сихонца жоп лохьа.
4 Сан денош, кIур санна, къайладовлуш ду,
сан даьIахкаш, кхерч санна, йогуш ю.
5 Сан дог доьхна, иза, буц санна, дакъаделла,
со сайна кхача баа а вицло.
6 Сайгахь болу бала бахьана долуш
со азвелла дIахIоьттина.
7 Яьссачу арахь лела бухIа санна, висина со,
саьлнаш юкъахь ехаш йолу бухIа санна ву со.
8 Со вуьжуш а вац, суна наб а ца кхета,
тхов тIехь Iаш долу ша дисна олхазар санна ву со.
9 МостагIаша дийнахь сарралц суна кхиссарш йо,
со кхаьрдачара сох нахана неIалташ боху.
10 Бепиг санна, чим боу аса,
ас молуш мел дерг сан бIаьрхиша дурдина.
11 И дерриг а Хьо суна оьгIазвахар бахьана долуш ду,
хIунда аьлча Ахьа со хьала а айина, юха охьа а кхоьссина.
12 Сан денош къайладолу IиндагI санна ду,
со, буц санна, вакъавелла дIаваьлла.
13 Ткъа Хьо, Веза Эла, абаденналц а паччахьалла деш ву,
Хьо тIаьхьенашкара тIаьхьенийн а дагахь ву.
14 Хьо гIоттур ву, Ахьа Цийонах къинхетам бийр бу,
цуьнца дика хила еза зама тIееана дела.
Билгалъяьккхина хан тIе ма еана.
15 Хьан леш долчу тхуна
цунах дисна тIулгаш а дукхадеза.
Цунах йисинчу саьлнийн ченах а
тхуна кхоам хета.
16 Къаьмнаш ларамах дузур ду Везачу Элана хьалха,
лаьттахь мел бехаш болчу паччахьаша Хьан сийлалла лорур ю.
17 Везачу Эло Цийон юхаметтахIоттор ю,
ткъа Иза Шен сийлаллица массарна а дуьхьалхIуттур ву.
18 ГIийлачу адамийн доIа Цунна дIахезар ду,
Иза къора хир вац цара доьхучунна.
19 Цунах лаьцна тIейогIучу тIаьхьенна дIаяздина хуьлийла,
хIинццалц кхоьллина доцучу халкъе Цунна хастамаш байтархьама.
20 Лакхенгахь йолчу Шен езачу меттера
Веза Эла охьа а хьаьжира,
стигалшкара дуьнене Цо бIаьрг а туьйхира,
21 набахтехь болчеран узарш хазархьама а,
хIаллакбан кхел йинарш паргIатбахархьама а.
22 Иштта, Цийонехь Везачу Элан цIе а йоккхур ю,
Ярушалаймехь Цунна хастам а бийр бу,
23 къаьмнаш а, пачхьалкхаш а схьагулъелча,
Везачу Элана Iибадат дархьама.
24 Къоналлехь Цо со гIелвина,
сан денош а Цо дацдина.
25 ТIаккха ас элира: «Сан Дела!
Со къона волчу хенахь ма валийтахьа со.

† 99:5 1 Шерашкахь 16:34; 2 Шерашкахь 5:13; 7:3; Iезар 3:11; Забур 105:1; 106:1; 117:1; 135:1; Ярми-ЯхIу 33:11. †† Корта 100 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *101.* ‡ Корта 101 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *102.*

Хьо массо а ханна хир ма ву вехаш.
26 †Ахь юьхьанца латта кхоьллина,
Хьайн куьйгашца стигалш йина.
27 Уьш дIадевр ду, ткъа Хьо вуьсур ву.
Уьш дерриг а, бедарш санна, тишлур ду.
ТIеюху хIума санна, Ахь уьш хуьйцур ду,
тIаккха уьш къайладохур ма ду.
28 Амма Хьо цкъа а хийцалур вац,
Хьан дахар чекх а дер дац.
29 Хьан леш долчу тхан бераш маьршачу меттехь дехар ду,
ткъа церан тIаьхьенаш Хьуна хьалха Iаш хир ю».

## Делан безам

102 †† Даудан назма.
Декъалвойла сан сино Веза Эла!
Суна чохь мел долчу хIумано а декъалйойла Цуьнан еза цIе!
2 Сан сино Веза Эла декъалвойла!
Сан даго Цо мел дина дика диц а ма дойла!
3 Ас мел хьерчийначу къиношна а геч ма до Цо.
Сан мел йолчу цамгарех а то ма во Цо.
4 Со валарх а ларво Цо.
Шен хедар боцучу безамца а, къинхетамца а го бо Цо.
5 Сан дахар диканах дузу Цо.
Къоначу аьрзунан санна, сан къоналла а карлайоккху Цо.
6 Везачу Эло бакъонца дерг а кхуллу,
ницкъ хиллачунна а нийсо хилийта хьожуш ву Иза.
7 Шен некъаш гайтира Цо Муса-пайхамарна.
Шен гIуллакхаш гайтира Цо Исраилан халкъана.
8 ‡Къинхетаме а, дика а ву Веза Эла.
Иза оьгIаз а атта ца воьду, ткъа Цуьнан безам а боккха бу.
9 Гуттаренна а ца хуьлу Везачу Эло бехк биллар.
Гуттаренна а дац Цуьнан оьгIазвахар.
10 Вай еш йолчу харцонашка хьаьжжина, ца до Цо вайна дан доггIург.
Вай хьерчош долчу къиношка хьаьжжина, ца до Цо Ша дийриг а.
11 ХIунда аьлча, стигал лаьттана гена йолччул,
боккха бу Везачу Элан Шех кхоьручаьрга болу безам.
12 Малхбалехьара малхбузенга кхаччалц йолу еха юкъ санна,
дIакъастадо Цо вай хьерчийна долу къинош вайх.
13 Дай шайн берашца къинхетаме хиларе терра,
Везачу Эло а къинхетам бо Шех кхоьручарах.
14 Везачу Элана хаьа, Ша вай стенах кхоьллина ду,
хаьа Цунна, Ша вай поппарх дина дуйла.
15 Адамийн денош а, тIеяьлла йолу буц санна, доца ду.
Аренгахь кхуьу зезаг санна, кхуьу адамаш а.
16 Ткъа чIогIа мох тIехьаькхча, и зезаг хIаллакьхуьлу,
и хилла меттиг а евзар яц цхьанна а.
17 Азалера абаденналц бу Везачу Элан хедар боцу безам
Цунах кхоьручаьрга,
ткъа Цуьнца бина барт ларбеш йолчу а,
Цо делла парзаш кхочушдеш йолчу а
массо а тIаьхьенашна Цуьнан дика лаьтта.
19 Стигалшкахь дIахIоттийна Везачу Эло Шен олаллин гIант.
Олалла до Цо доллучу хIуманна а тIехь.
20 Онда ницкъ болуш долчу а, Цуьнан дош кхочушдеш долчу а массо а маликаша
декъалвойла Веза Эла, Цуьнан дашна муьтIахь а хуьлуш.
21 Цуьнан лаамаш кхочушбеш болу ялхой болчу
стигалийн массо а ницкъаша декъалвойла Веза Эла.
22 Декъалвойла Веза Эла
Цуьнан доллучу гIуллакхаша, Цо олалла деш йолчу массо а меттигашкахь!
Декъалвойла Веза Эла сан сино!

## Дуьне Кхоллархочунна хастам бар

103 ‡† Хастам бе, сан са, Везачу Элана!
Сан Веза Дела, Хьо инзаре воккха ву,
паччахьан сий а, исбаьхьалла а Хьан духар санна ду.
2 Ахь оба санна, тIеюхуш ерг серло ю,
четар санна дIасаяржийна Ахьа стигал а.
3 Ахьа стигаларчу хишна тIехула
Хьайна Iа меттиг йо.
Мархех Ахь Хьайна гIудалкх йо,
Хьо мохан тIемашна тIехь а хехкало.
4 ‡‡Ахьа мехех Хьайн геланчаш бо,
цIеран алунех Хьайн ялхой бо.
5 Ахьа латта чIоггIачу бух тIе хIоттийна,
иза абаденналц меттах а дер дац.
6 Латта, юргIано санна, Ахьа кIоргачу хица дIахьулдина,
гобаькkхинчу хино лаьмнаш а къайладаьхна.
7 Амма хиш, Ахьа бохург а дина, юхадевлла,
къекъачу Хьан озах къаьхкина уьш девдда дахана.
8 Лаьмнаш хьаладовлучу хенахь,
тогIеш охьайовлучу хенахь,
уьш Ахьа царна билгалъяьkkхинчу меттиге дIадахана.
9 Ахьа царна тIехдевр доцу доза дIахIоттийна,
латта дIахьулдан уьш юха ца дахийтархьама.
10 Ахьа тогIешна чухула хин хьостанаш дIадохуьйту,
и хиш лаьмнашна юккъехула дIа а оьху.
11 Цара ерриг а акхарошна хи ло.
Акха варраша шайн хьогалла дIайоккху.

† 101:26-28 Iебархошка 1:10-12. †† Корта 102 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *103.* ‡ 102:8 Якъуба 5:11.

‡† Корта 103 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *104.* ‡‡ 103:4 Iебархошка 1:7.

12 Царна гонах стигаларчу олхазарша а шайн баннаш до,
гаьннашна юкъара шайн аьзнаш схьа а хозуьйтуш.
13 Хьайн лакхенгара laьмнаш Ахь хих Iабадо,
Хьан куьйгаша кхоьллинчух Ахь латта Iабадо.
14 Бежанашка яийта Ахьа буц хьалайолуьйту,
адамаша лелош долу ораматаш а хьаладовлуьйту.
Иштта, цара латтара кхача кхиабо,
15 адаман дог самукъадаккха чагIар а до,
цуьнан сибат къаго зайтдаьтта а до,
дог чIагIдеш долу бепиг а до.
16 Iаббалц тIуналла ло Везачу Элан дитташна,
Цо Ша дIадоьгIна долу Ливанунан баган-дитташна.
17 Царна тIехь шайн баннаш до олхазарша,
ткъа аисто шен бен лекхачу диттана тIехь бина.
18 Лекха лаьмнаш масаршна хIусам хилла дIахIиттина,
ткъа тархех лаьмнийн дехкашна дIаловчкъийла хилла.
19 Хенан хийцам гайтархьама, Ахьа бутт кхоьллина,
ткъа ша маца дIабуза беза хууш болу малх а Ахьа кхоьллина.
20 Ахьа бода дIабаржабо, тIаккха буьйса тIекхочу.
И хан тIекхаьчча, евлла лелаш хуьлу массо а хьуьнан акхарой.
21 Лоьмаша, гIигI деш, ижу йоьху,
Дала ло кхача шайна лоьхуш.
22 Малх схьаккхетарца уьш дIа а теба,
шайн Iуьргашкахь охьа а дуьйшу.
23 Ткъа адам шайн болх бан хьалагIотту,
цо сарралц къа а хьоьгу.
24 Ма дукха ду-кх, Веза Эла, Ахьа кхоьллинарг!
Массо а хIума хьекъалаллица кхоьллина Ахьа.
Дерриг а дуьне Ахь кхоьллинчух хьаладуьзна ду.
25 Хьажахьа хIорде, боккха а, шуьйра а болчу,
чохь дагар ца даллал дукха яккхий а, кегий а
садолу хIуманех сийсаш болчу.
26 †Цунна тIехула хIордкеманаш лела,
цу чохь Левиятан ловзабуьйлу,
Ахьа кхоьллина хIордан саьрмик.
27 Цара массара а Ахьа шен-шен хенахь
шайна кхача баларе сатуьйсу.
28 Ахьа царна кхача белча, цара иза дIаоьцу,
Ахьа Хьайн куьг делча, уьш дикачух Iеба.
29 Хьайн юьхь Ахьа къайлаяьккхича, уьш доьхна хьийза,
шайн са Ахьа дIадаьккхича, уьш ле, чан хуьлий, дIа а довлу.
30 Ахьа царна Хьайн са делча, уьш кхуллу,
цу тайпана Ахьа латтан сибат цIиндо.
31 Массо а ханна хуьлийла Везачу Элан сийлалла,
воккхавеш хуьлийла Веза Эла Ша кхоьллинчух!
32 Иза дIахьоьжушехь, дуьне дегадо,
Иза дIахьакхалушшехь, лаьмнех кIур болу.
33 Везачу Элана назма олуш хир ву со, со мел веха,
иштта сан Далла хастамаш беш а хир ву со, айса хан мел йоккху.
34 Реза хуьлийла Иза ас дIаолучу назманна,
со самукъадолуш хир ву Везачу Элах.
35 Дуьнен чуьра дIабовлийла массо а къинош летийнарш,
Iеса адамаш а ма хуьлийла кхин.
Хастам бе, сан са, Везачу Элана!
Везачу Элана бу хастам!

† 103:26 Аюб 40:20; Забур 73:14; ЕшаI-ЯхIу 27:1.

### Дела а, Цуьнан къам а
(1 Шерашкахь 16:8-22)

104 †† Баркалла ала Везачу Элана!
Цуьнан цIарна хастамаш бе!
Довзийта халкъашна Цуьнан гIуллакхаш.
2 Иллеш ала Цунна, пондарш лакха Цунна.
Дерриг а Цуьнан тамашийначу гIуллакхех лаций дIадийца.
3 Дозалла де Цуьнан езачу цIарах!
Веза Эла лоьхучийн дегнаш самукъадолуш хуьлийла!
4 Веза Эла а, Цуьнан ницкъ а лаха,
гуттар Цунна уллохь хила гIерта.
5 Дагахь латтаде Цо дина тамашийна гIуллакхаш а,
Цо гайтина билгалонаш а, Цо йина кхелаш а,
6 ва Шен ялхо волчу ИбрахIиман хIу дерш,
Ша хаьржина волчу Якъубан тIаьхьенах дерш.
7 Веза Эла волу Иза вайн Дела ву.
Цуьнан кхелаш массо а латтахула ю.
8 Цо даим дагахь латтор бу Шен барт,
эзаран барамехь йолчу тIаьхьенашна Ша делла дош,
9 ‡ИбрахIимца Цо бина болу барт,
Исхьакхана чIагIо йина долу *ваIда*.
10 ‡†Цо Якъубана иза чIагIдира парз санна,
Исраилана ‡‡ – гуттаренна а болу барт санна.
11 Цо аьллера: «Хьуна лур ду Аса канаIанхойн латта,
и дакъа хьуна *шерет* санна кхочур ду».
12 Церан терахь цу хенахь дуккха а ца хилла,
кIезиг а болуш, уьш махкахь тIебаьхкина Iаш хилла.
13 Уьш дIаоьхура цхьа къам долчуьра важа къам долчу,
цхьана пачхьалкхера кхечу халкъан пачхьалкх йолчу.
14 ‡‡†Дала цхьанна а пурба ца лора уьш бацабайта,
церан дуьхьа Цо паччахьашка дIахьедар дора:
15 «Ас къобалбинчарах дIа ма хьакхалолаш,
Сан пайхамаршна зулам а ма делаш».
16 ‡‡‡Дала мацалла хIоттийра лаьтта тIехь,
церан дисна напха а хIаллакдира Цо.

†† *Корта 104 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *105.** ‡ *104:9 а: Доладалар 12:7; 17:8; б: Доладалар 26:3.* ‡† *104:10, 11 Доладалар 28:13.* ‡‡ *Исраил *– и ву Якъуб.** ‡‡† *104:14, 15 Доладалар 20:3-7.* ‡‡‡ *104:16 Доладалар 41:53-57.*

17 †Цо царна хьалхаваьлла стаг вахийтира –
лай вина воьхкина волу Юсуп.
18 ††Цуьнан когашна буржалш тоьхнера,
цуьнан вортана тIехь аьчка гIомат яра,
19 ша аьлла долу хиндерг хилла а далале.
Везачу Элан дашо иза зуьйш хиллера.
20 ‡Мисар-мехкан паччахьо мукъаваьккхира Юсуп,
набахтера араваьккхира иза къаьмнийн олахочо.
21 ‡†Цо шен цIа чохь хьаькам вина дIахIоттийра иза,
шен мел долчу хьолана дола дан а,
22 иштта цуьнга элашна тIехь олалла дайта а,
къаношна хьекъалалла далийта а.
23 ‡‡ТIаккха Исраил ‡‡† Мисар-махка чу велира,
Якъуб Хьамин тIаьхьенийн лаьтта тIехь,
хийра стаг санна, ваха дIавахара.
24 ‡‡‡ЧIогIа дебийра Везачу Эло Шен къам,
церан мостагIел а ницкъ болуш бира Цо уьш.
25 Цо мостагIийн дегнаш хийцира, Шен къам ца дезийта а,
Шен ялхошна дуьхьал мекарлонца лела а.
26 §Цо Мисар-махка Шен ялхо волу Муса а,
Ша хаьржина волу АхIарон а вахийтира.
27 Мисархошна хьалха цара кхочушйира
Дала царна аьлла йолу билгалонаш,
Хьамин тIаьхьенийн лаьтта тIехь
цара тамашийна гIуллакхаш гайтира.
28 §†Дала бода бахийтира цига, боданах дуьзира латта,
Цуьнан дешнашна дуьхьал уьш бевлла дела §††.
29 §‡Церан хийх цIий хилийтира Цо,
церан чIерий хIаллак а хуьлуьйтуш.
30 §‡†Церан латта пхьидарчех хьаладуьзира,
церан паччахьан цIенош чохь а яра уьш.
31 §†Иза вистхуьллушехь, жIаьлийн мозий гучудевлира,
массо а махкахула чуьркаш а яьржира.
32 §‡Церан догIанех Цо къора хилийтира,
массо а лаьттахула ткъес тохийтира.
33 Кемсийн таьллангаш а, инжиран дитташ а дохийра,
шаьш долчохь мел долу дитт а хIаллакдира.
34 §§†Иза вистхуьллушехь, цIоз даьржира,
барам боцуш дукха уьш хилира.
35 Церан лаьтта тIера ерриг буц а,
кхаш тIехь кхиъна мел долу ялта а дIадиира цара.
36 §§‡Цул тIаьхьа Цо массо а хьалха вина доьзалхо хIаллаквира,
церан ницкъо дуьххьара кхуьуьйтурш байина дIабехира.
37 §§§ТIаккха Шен халкъ Мисар-махкара арадаьккхира Цо,
деших а, детих а йина хIуманаш цара дIаяьхьира,
Цуьнан долахь долчу тайпанех цхьанна а стеган ког а ца тасабелира.
38 Церан арадовларх даккхийдеш дара Мисар-махкара халкъ,
исраилхойх болу кхерам царна тесна болу дела.
39 [18]Цо марха яржийра, Шен халкъ дIахьулдархьама,
буса Цо цIе хилийтира, царна серло ялархьама.
40 [19]Цара яа хIума йийхира – Цо лекъаш делира царна,
стигаларчу ялтица уьш Iаббалц буза а бира.
41 [20]Цо *тарх* йоьккхуьшехь, хи схьахецаделира,
татолаш а хилла, иза яьссачу аренгахула дIадахара.
42 Дала иза дира, хIунда аьлча Цунна дагахь яра Ша йина еза чIагIо,
Шен ялхо волчу ИбрахIимна Ша делла долу дош.
43 Цо Шен къам доккхадерца арадаьккхира,
цара самукъане маьхьарий а детташ,
Мисар-махкара Ша хаьржинарш Цо арабехира.
44 [21]Цо кхечу къаьмнийн латтанаш царна дIаделира,
кхечу наха къахьегнарг царна дIакхачийтира,
45 Шен парзаш цаьрга кхочушдайтархьама а,
Шен товрат-хьехамаш цаьрга ларбайтархьама а.
Хастам бу Везачу Элана!

### Веза Эла Шен халкъаца дика хилар

105 [22] [23] Хастам бу Везачу Элана!
Баркалла ала Везачу Элана, Иза дика хиларна,
Цуьнан хедар боцу безам абаденналц бу.
2 Везачу Эло мел дина сийлахь гIуллакхаш хьаьнга кхайкхалур ду?
Цунна боггIу хастамаш кхоччуш хьаьнга балур бу?
3 Декъала ву бакъдерг лардеш верг,
массо а хенахь нийсо лелош верг.
4 Веза Эла, Айхьа Хьайн къомана диканиг дича, суна а дехьа иза,
Айхьа уьш кIелхьарбохучу хенахь, суна а орцахвалахьа.
5 Ахьа хаьржинчеран хуьлу беркат суна гайтархьама а,

---

† *104:17 Доладалар 37:28; 45:5.* †† *104:18, 19 Доладалар 39:20–40:23.* ‡ *104:20 Доладалар 41:14.* ‡† *104:21 Доладалар 41:39-41.* ‡‡ *104:23 а: Доладалар 46:6; б: Доладалар 47:11.* ‡‡† *Исраил: – и ву Якъуб.* ‡‡‡ *104:24, 25 Арадаккхар 1:7-14.* § *104:26 Арадаккхар 3:1–4:17.* §† *104:28 Арадаккхар 10:21-23.* §†† *Грекийн гочдар тIехь: *Цуьнан дешнашна дуьхьал уьш бевлла дела. *Iебархойн тептар тIехь: *Цуьнан дешнашна дуьхьал Муса а, АхIарон а ца ваьлла дела.** §‡ *104:29 Арадаккхар 7:17-21.* §‡† *104:30 Арадаккхар 8:1-6.* §† *104:31 а: Арадаккхар 8:20-24; б: Арадаккхар 8:16, 17.* §‡ *104:32, 33 Арадаккхар 9:22-25.* §§† *104:34, 35 Арадаккхар 10:12-15.*

§§‡ *104:36 Арадаккхар 12:29.* §§§ *104:37, 38 Арадаккхар 12:33-36.* 18 *104:39 Арадаккхар 13:21, 22.* 19 *104:40 Арадаккхар 16:2-15.* 20 *104:41 Арадаккхар 17:1-7; Лелар 20:2-13.* 21 *104:44 ЮшаI 11:16-23.* 22 *105:1 1 Шерашкахь 16:34; 2 Шерашкахь 5:13; 7:3; Iезар 3:11; Забур 99:5; 106:1; 117:1; 135:1; Ярми-ЯхIу 33:11.* 23 *Корта 105 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *106.**

Хьан къомаца цхьаьна соьга сакъерийтархьама а,
Хьан долахь болчаьрца соьга а Хьох дозалла дайтархьама а.
6 Тхайн дайша санна оха къинош летийна.
Оха вонаш а дина, Іеса а лелла тхо.
7 †Тхан дай Мисар-махкахь болчу хенахь,
Хьан тамашийначу хІуманех уьш ца кхийтира,
Хьан безам шайна мосазза гойту дага а ца догІуш,
уьш Эрзийн хІорд болчохь Хьуна дуьхьалбевлира.
8 Амма Цо уьш Шен цІе бахьана долуш кІелхьарбехира,
царна Шен нуьцкъалалла дІагайтархьама.
9 ††Цо Эрзийн хІордана омра дича, иза бакъабелира.
Хих, гІум санна, екъа хиллачу меттехула Цо уьш дІабигира.
10 Цо уьш цабезачийн куьйга кІелара схьабехира,
мостагІех уьш кІелхьар а бехира.
11 Хино къайлабехира церан мостагІий,
царах цхьа а кІелхьар а ца велира.
12 ‡ТІаккха Цо йинчу чІагІонех уьш тийшира,
Цунна хастамийн эшарш а лоькхура.
13 Амма кестта Цуьнан гІуллакхаш царна дицделира,
Цуьнан хьехамашка а уьш ца хьоьжура.
14 ‡†Яьссачу аренгахь уьш лаамех буьзира,
эрначу оцу аренгахь цара Дела зийра.
15 Цара дехнарг Цо царна дІаделира,
амма шатайпа долу хала ун царах кхетийтира.
16 ‡‡Меттаматтара нах Мусах хьега буьйлабелира,
Далла гІуллакх дан къобалвинчу АхІаронах а хьийгира.
17 ТІаккха лаьтто, дІаса а декъаделла, Датан дІакхаьллира,
Абирамна тІаьхьаьхІоьттина тоба лаьтто дІайоьллира.
18 Царна тІаьхьаьхІиттинчарах цІе елира,
Іеса мел берш алуно дІакхаьллира.
19 ‡‡†Хьариб-ломана уллохь халкъо деших старгІа йира,
лалийначу деших винчу оцу цІунна Іибадат а дира.
20 Цара шайн сийлалла йолу Дела хийцира
буц Іуьйшуш лаьттачу стеран суьртах.
21 Цара шаьш кІелхьардаьхна волу Дела вицвинера,
Мисар-махкахь тамашийна хІуманаш дина волу,
22 Хьамин тІаьхьенийн лаьтта тІехь Іаламаташ дина волу а,
Эрзийн хІорд болчохь ларамах бузуьйту хІуманаш дина волу а.
23 Везачу Эло уьш хІаллакбийр бу аьллачу хенахь,
Цо хаьржина волу Муса Цунна хьалха дІахІоьттира,
Везачу Элан дералла нах хІаллакбечуьра дІа а ерзийра.
24 ‡‡‡ТІаьхьо церан дог делира исбаьхьачу лаьттах,
Дала йинчу чІагІонах уьш ца тийшира.
25 Шайн четарш чохь хамталлаш дан буьйлабелира уьш,
Везачу Эло бохучуьнга ла а ца дугІуш.
26 ТІаккха Цо айдинчу куьйгаца царна чІагІо йира,
уьш яьссачу аренгахь балийта а,
27 §церан тІаьхьенаш кхечу къаьмнашкахула дІасаяржо §† а,
уьш хийрачу мехкашкахула дІасакхисса а.
28 §††ТІаккха цара ПаІорехь волчу БаІал-цІунна Іибадат дарехь дакъалоцура,
шайна чохь дахар доцучу харцделанашна даьхначу сагІанех хІума йоура.
29 Шаьш лелориг бахьана долуш Дела оьгІазъоьхуьйтура цара,
тІаккха царна тІе ун доьссира.
30 Амма Пайнехьас, дІа а хІоьттина, юкъарло йира,
тІаккха и ун дІасадаьржачуьра сецира.
31 Цо иза бакъахьара гІуллакх санна лерина,
массо а ханна, тІаьхьенашкара тІаьхьенашка.
32 §‡Мерибан хиш долчохь адамаша Веза Эла оьгІазвахийтира,
ткъа уьш бахьана долуш, Мусана бохам баьккхира.
33 Цара Мусан синна халахетийтира,
ткъа цо, ойла а ца еш, бага туьйхира.
34 §‡†Везачу Эло цаьрга халкъаш хІаллакде аьллера,
ткъа цара и тІедиллинарг кхочуш ца дира.
35 Мелхо а, уьш кхечу къаьмнех болчу нахах дІакхийтира,
царна юкъахь лелаш долу гІиллакхаш а шайна Іамийра.
36 Церан цІушна Іибадат а дора цара,
тІаьххьара а царах гур а хилира царна.
37 §†Цара шайн кІентий а, йоІарий а
жинашна сагІина дІалора.
38 §‡Цара бехк боцу цІий Іанадора,
шайн кІентийн а, йоІарийн а цІий,
уьш канаІанхойн цІушна сагІина дІа а луш.
Церан цІий бахьана долуш латта бехдира цара.
39 Цара шаьш бехдира шайн гІуллакхаш бахьана долуш,
Далла тешаме ца хилира шайн сийсаза лелар бахьана долуш.
40 §§†Цундела оьгІазвахара Веза Эла Шен къомана,

† 105:7 Арадаккхар 14:10-12. †† 105:9-12 Арадаккхар 14:21-31. ‡ 105:12 Арадаккхар 15:1-21. ‡† 105:14, 15 Лелар 11:4-34. ‡‡ 105:16-18 Лелар 16:1-35. ‡‡† 105:19-23 Арадаккхар 32:1-14.

‡‡‡ 105:24-26 Лелар 14:1-35. § 105:27 Іамалъяр 26:33. §† Цхьана ширачу гочдар тІехь: *церан тІаьхьенаш кхечу къаьмнашкахула дІасаяржо. *Іебархойн меттан тептар тІехь: *церан тІаьхьенаш кхечу къаьмнашна юкъахь йожийта.* §†† 105:28-31 Лелар 25:1-13. §‡ 105:32, 33 Лелар 20:2-13. §‡† 105:34-36 Куьйгалхой 2:1-3; 3:5, 6. §† 105:37 ТІаьххьарнаш 17:17. §‡ 105:38 Лелар 35:33. §§† 105:40-46 Куьйгалхой 2:14-18.

дегаза хийтира Цунна Шен долахь берш.
41 ТӀаккха Цо уьш хийрачу махкарчу нехан кара
дӀабелира,
тӀаккха царна тӀехь куьйгалла деш церан
мостагӀий дӀахӀиттира.
42 МостагӀаша гӀело йора царна,
церан куьйга кӀелахь уьш къера хилла
дӀахӀиттира.
43 Везачу Эло дукхазза а кӀелхьарбохура уьш,
амма царна Цунна дуьхьалбовла лаьара,
уьш шайн къинойн уьшал чу кхин а кӀорга
чубахара.
44 Ткъа Цо тидам бира уьш гӀайгӀанехь хиларан,
церан орца даккхар Шена дӀахезча.
45 Церан дуьхьа Ша бина барт Цунна дагахь бара,
Шен безам боккха хиларе терра, Цо Ша йина
ойла хийцира.
46 ТӀаккха уьш йийсарехь латтош мел болчаьрга
Цо царах къинхетам бойтура.
47 †КӀелхьардахахьа тхо, тхан Веза Дела,
схьагулдехьа тхо кхечу къаьмнашна юкъара,
тхоьга Хьайн цӀе хастаяйта а,
Хьуна хастам барх тхоьга дозалла дайта а.
48 Хастам бу Исраилан халкъан Везачу Далла
азалехь дуьйна абаденналц!
Массо а халкъо олийла: «Амин!»
Хастам бу Везачу Элана!

## ПхоьалгӀа тептар

*(Забур 107–150)*

### Веза Эла дика хилар

106 †† ‡ Хастам бе Везачу Элана Иза дика
хиларна,
Цуьнан хедар боцу безам абаденналц бу!
2 Иштта олийла Везачу Эло паргӀатбаьхначара,
мостагӀийн карара Цо схьа мел баьхначара,
3 хийрачу мехкашкара Цо схьагулбиначара –
малхбалехьара а, малхбузехьара а,
къилбаседехьара а, къилбехьара ‡† а.
4 Цхьаберш яьссачу аренашкахула бевлла лелаш
бара,
шена чохь адамаш долчу гӀала боьду некъ а ца
карош.
5 Цара мацалла а, хьогалла а ловра,
церан синош царна чуьра дӀадовлуш дара.
6 Холчохь а болуш, цара Везачу Эле орца
даьккхира,
тӀаккха Цо уьш церан баланах кӀелхьарбехира.
7 Цо уьш нийсачу новкъахула дӀабигира,
шена чохь адамаш дехаш йолчу гӀала а
бохуьйтуш.
8 Цара хастамаш бойла Везачу Элана, Цуьнан
хедар боцу безам а,
Цо адамашна до тамашийна гӀуллакхаш а
бахьана долуш.
9 Цо хьогуш верг Ӏаба а во,
меца верг диканца вуза а во.
10 Цхьаберш Ӏаьржачу боданехь бехаш Ӏаш бара,
аьчка буржалш а тоьхна, гӀайгӀанехь а болуш,
11 хӀунда аьлча Цо аьллачунна цара дуьхьало
йинера,
Веза Воккхачу Дала бинчу хьехамах уьш ца
баьшнера.
12 Церан дегнаш Цо халачу белхашца охьатаӀийра,
уьш гал а бевллера, царна орцахвала цхьа а стаг
а вацара.
13 Холчохь а болуш, цара Везачу Эле орца
даьккхира,
тӀаккха Цо уьш церан баланах кӀелхьарбехира.
14 Цо уьш Ӏаьржачу боданера арабехира,
церан буржалш доха а дина.
15 Цара хастамаш бойла Везачу Элана, Цуьнан
хедар боцу безам а,
Цо адамашна до тамашийна гӀуллакхаш а
бахьана долуш.
16 ЦӀестан кевнаш Цо доха а до,
аьчка гӀораш хьеша а хьоьшу.
17 Цхьаберш Ӏовдалш бара, гӀело а хьоьгуш,
шайн зуламе некъаш а, шаьш летийна къинош а
бахьана долуш.
18 Церан синош массо а кхачанах дӀадирзинера,
уьш Ӏожаллин кевне а кхаьчнера.
19 Холчохь а болуш, цара Везачу Эле орца
даьккхира,
тӀаккха Цо уьш шайн баланах кӀелхьарбехира.
20 Цо Шен дашца дарба а дира царна,
хӀаллакьхиларх кӀелхьар а бехира уьш.
21 Цара хастамаш бойла Везачу Элана, Цуьнан
хедар боцу безам а,
Цо адамашна до тамашийна гӀуллакхаш а
бахьана долуш.
22 Цара Везачу Элана баркаллин сагӀанаш а
дохийла,
ирсечу эшаршца Цуьнан гӀуллакхех лаьцна дӀа а
дуьйцийла.
23 Цхьаберш хӀордкеманашна тӀехь новкъа
бовлура,
уьш даккхий хиш тӀера совдегарш бара.
24 Царна гира Везачу Эло до гӀуллакхаш:
кӀоргачу хӀордашна тӀехь долу Цуьнан
тамашийна хӀуманаш.
25 Иза вистхуьллушехь, дарц тӀехьоду,
яккхий тулгӀенаш ловза а юьйлуьйтуш.
26 Хинкеманаш стигала хьала а дахара,
юха а кӀоргачу хи чу охьа а ийгира.
Кеман чохь болчеран дегнаш шелделира.

*† 105:47, 48 1 Шерашкахь 16:35, 36. †† 106:1 1 Шерашкахь 16:34; 2 Шерашкахь 5:13; 7:3; Iезар 3:11; Забур 99:5; 105:1; 117:1; 135:1; Ярми-ЯхӀу 33:11. ‡ Корта 106 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тӀехь: *107.* ‡† Схьахетарехь: *къилбехьара. *Iебархойн меттан тептар тӀехь: *хӀордера.**

27 Уьш, бехна нах санна, охьа а бетталуш, когаш а тийсалуш,
лелара, церан хилла долу хьекъалалла а дIадолура.
28 Холчохь а болуш, цара Везачу Эле орца даьккхира,
тIаккха Цо уьш церан баланах кIелхьарбехира.
29 Цо дарц тап-аьлла дIасацийра,
тулгIенийн гIовгIа а дIаелира.
30 ХIорд дIатийна хиларх уьш сакъералуш бара,
ткъа Цо уьш шаьш хьаьгначу метте дIакхачийра.
31 Цара хастамаш бойла Везачу Элана, Цуьнан хедар боцу безам а,
Цо адамашна до тамашийна гIуллакхаш а бахьана долуш.
32 Халкъан гуламна юкъахь цара Иза вазвойла,
къанойн кхеташонехь Цунна хастамаш а бойла.
33 Цо хиш хиллачохь яьсса аре дIахIоттайо,
хин татолаш хилла меттиг, якъайой, дIа а йоккху.
34 Токхечу лаьттах Цо дуьра аре йо,
цу тIехь дехаш долчу адамийн волла.
35 Яьсса аре Цо, Iам бой, дIахIоттайо,
ткъа йокъа хIоьттинчу меттехь татолаш дохку.
36 Цо цига баха меца нах а балабо,
ткъа цара цигахь шайна даха ховша гIала а йо.
37 Кхаш тIехь ялта цара дIа а доь,
кемсийн таьллангаш цара дIа а югIу,
цигара шортта ялта схьа а гулдо.
38 Дукха бераш хилийта, Цо уьш декъал а бо,
церан даьхнеш Цо лагI а ца долуьйту.
39 ГIело хьегар а, бохам тIебар а, баланаш лар а
бахьана долуш уьш кIезиг хилла дIахIитта мега.
40 ТIаккха Везачу Эло церан элашна тIе эхь тотту,
уьш некъ боцучу яьссачу аренашкахула лоьлуьйту.
41 Амма къен стаг Цо гIелонах схьа а воккху,
цуьнан тIаьхьенаш, жа санна, деба а йо.
42 Дика нах, и хIума а гуш, баккхийбеш бу,
ткъа вочеран цу хIуманна дуьхьал ала хIума а дац.
43 Хьекъалалла долуш болчарна и хIуманаш дIагойла,
Везачу Элан хедар боцучу безамах лаьцна цара ойланаш йойла.

## МостагIашна дуьхьал гIо доьхуш долу доIа

(Забур 56:8-12; 59:7-14)

107 † Даудан назма.
2 Сан дог Хьох тешна ду, Дела,
ас Хьуна иллеш эр ду,
дерриг а сайн синца Хьуна хастам бийр бу.
3 Самабала, мерз-пондар!
ГIатта, Iад хьокху пондар!
Малх самабоккхур бу ас!
4 Халкъашна юкъахь, Веза Эла, Хьо ас хастор ву,
Хьох лаьцна нахана хьалха иллеш эр ду.
5 Стигала кхаччалц бу Хьан безам,
мархаш тIе кхаччалц ду Хьан тешаме хилар.
6 Стигалел лакха хьалаволийла Хьо, Дела,
дерриг а лаьтта тIехь Хьан сийлалла лаьттийла!
7 Хьайн аьтту куьйгаца тхо кIелхьар а дахахьа,
оха дина доIа дIа а хазахьа,
Хьайна безнарш паргIатбовлийтархьама.
8 Дала Шен езачу меттехь аьлла: «Толамах воккха а веш,
Аса Шехем-гIала а йоькъур ю, Сакхат-тогIи а дIасайоькъур ю.
9 ГалIад-мохк а Сан бу, Маннаш-мохк а Сан бу,
Эпрайм-мохк Сан коьртан чIагIо ю,
ЯхIуд-мохк – Сан пачхаьаллин гIаж ю.
10 Муаби-мохк – Сан юьхь-куьгдуьлург ю.
Эдом-махкана тIе Сайн мача кхуссур ю Ас,
иза Сайн хилар дIагайтархьама.
ПIелаштамхошна тIехь толам баккхарна мохь беттар бу Аса».
11 ЧIагIйинчу гIали чу хьан воккхур ву со?
Эдом-махкана тIе хьан вуьгур ву со?
12 Тхо дIатеснарг Хьо-м вац те, ва Дела?
Тхан эскаршца аравер вац те Хьо, ва Дела?
13 ГIо дехьа тхуна мостагIех тхаьш лардайта,
хIунда аьлча пайден дац адамашкара хуьлуш долу гIо.
14 Делаца цхьаьна оха толам боккхур бу,
тхан мостагIий Цо дIахьошур бу.

## Вон тIедеанчун латкъам

108 †† Эшарш локхучу тобанан хьаькаме: Даудан назма.
Ас хастамаш беш волу Дела,
вист ца хуьлуш ма Iахьара Хьо,
2 хIунда аьлча харцболу, ямарта нах
соьга мотт бетташ, бистхуьлу,
цара сох лаьцна бакъ доцурш а дуьйцу.
3 Цабезаман дешнашца цара го бина суна,
цхьа а бахьана а доцуш, суна дуьхьалбевлла уьш.
4 Сан шайга болчу безамна дуьхьал
цара со харцахьа бехкево,
ткъа аса царна тIера доIанаш до.
5 Берриг а сан безамна дуьхьал цара вон доккху,
сан шайца долчу доттагIаллина дуьхьал цабезам а боккху.
6 МостагIчунна дуьхьалвала Iесаниг къобалвехьа,
цуьнан аьтту агIор бехкевийриг дIахIоттавехьа.
7 Кхел хадаечу хенахь цунна кхел йойла,
цуьнан доIанаш а къилахь хетийла.
8 ‡Цуьнан дисина денош кIезиг хуьлийла,
болх бечохь цуьнан меттиг кхечо дIалоцийла.
9 Цуьнан бераш байлахь дуьсийла,
цуьнан зуда а йисина лоьлийла.
10 Цуьнан берех кхерсташ лела сагIадоьхурш хуьлийла,
шайн йохийначу хIусамашна арахь а болуш,

† Корта 107 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *108.*

†† Корта 108 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *109.* ‡ 108:8 Векалийн 1:20.

уьш кхача лоьхуш лоьлийла.
11 Цуьнан долахь мел долу хIума
иза декхарийлахь волчо дIалоцийла,
цуьнан бахам хийрачеран кара а гIойла.
12 Цхьа а цуьнца дика ма хуьлийла,
цуьнан байлахь дисинчу берех
цхьаммо а къинхетам ма бойла.
13 Цуьнан тIаьхье а хIаллакьхуьлийла,
шолгIачу тIаьхьенахь хIу хедийла цуьнан.
14 Цуьнан ден къинош Везачу Элана дагахь
лоттийла,
цуьнан ненан къа цкъа а дIа ма доккхийла.
15 Церан къинош массо а хенахь Везачу Элана
хьалха лаьттийла,
царах-шайх болу дагалецамаш Цо дуьнен чуьра
дIабохийла.
16 Оцу стеган дагахь кхечуьнца дика хилар цкъа а
ца хилла,
мелхо а, пекъаршна а, къечарна а, дог
доьхначарна а
иза тIаьхьаваьлла, уьш хIаллакбархьама.
17 Цунна неIалташ кхайкхо лаьара, цундела уьш
цунна юхадоьрзийла,
цунна нах декъалбар ца дезара, цундела иза а
декъал ма войла.
18 Цо и неIалташ, бедар санна, кест-кестта
тIедухура,
хIинца, хи санна, цуьнан кийра уьш кхочийла,
даьтта санна, цуьнан даьIахкашка кхочийла.
19 Цу неIалташа, обано санна, верриг а
дIахьулвойла,
уьш даим цо шена дIадоьхку доьхка санна а
хуьлийла.
20 И дерриг а Везачу Элан бекхам хилла
дIахIуттийла
со бехкевечарна а, сох лаьцна воньиг
дуьйцучарна а!
21 Амма Хьо, сан Хьалдолу Эла,
Хьайн цIеран дуьхьа соьца лелахьа,
Хьайн хедар боцу безам дика хиларна,
со кIелхьарваккххахьа.
22 Со гIело хьоьгург а, пекъар а ма ву,
сан кийрара дог а доьхна ду.
23 Къайладолуш долу IиндагI санна,
худавелла дIаволуш ву со.
ЦIоз санна, дIачехош ву со.
24 *Марха* кхабарна сан голашкахь са а дац,
сан дегI гIел а делла, со аз а велла.
25 [†]Сох нах кхаьрдарг хилла,
сох шайн бIаьрг кхетташехь,
цара кортош а лестадо.
26 ГIо дехьа суна, сан Веза Дела,
Хьайн хедар боцучу безаме хьаьжжина,
кIелхьарваккххахьа со.
27 Сан мостагIашна иза Хьан куьйго динийла
дIахоийла,
со кIелхьарваьккхинарг Веза Эла волу Хьо
хиллийла.
28 Цара неIалташ кхайкхадахь а, Ахьа со
декъалвийр ву,
уьш дуьхьалбовлахь а, шаьш юьхьIаьржачу
хIуьттур бу,
ткъа Хьан лай волу со воккхавеш хир ву.
29 Со бехке бийраш юьхьIаьржонца кхолийла,
бедарш санна, цара эхь тIедухийла.
30 Ас мохь туххуш Везачу Элана хастамаш а бийр
бу,
дуккха а болчарна юкъахь Цунах лаьцна дуьйцур
а ду.
31 ХIунда аьлча Иза гIийлачарна аьтту агIор
тIехIутту,
царна кхел йиначеран карара уьш
кIелхьарбахархьама.

## Дала къобалвина паччахь

109 [††] [‡] Даудан назма.
Везачу Эло элира хьалдолчу эле:
«Суна аьтту агIор охьахаа,
Аса Хьан мостагIий хьан когашка охьабахккалц».
2 Паччахьан ницкъ болу гIаж дIакховдор ю хьуна
Везачу Эло Цийон-ломара.
Олалла де ахьа хьайн мостагIашна юкъахь.
3 Хьан ницкъ гучубаьллачу дийнахь
хьан халкъ ларамца хьуна тIаьхьахIуттур ду.
Хьуна тешаме болу къонахий базаллехь гучубоху.
Сатосуш дуьллу тхи санна, богIу уьш хьуна тIе.
4 [‡†]Везачу Эло чIагIо йина,
ткъа цунна тIера юха ца волу Иза:
«Гуттаренна а *динан да* ву Хьо
Малки-ЦIадакъин даржехь».
5 Хьуна аьтту агIор ву Веза Эла.
Ша оьгIазваханчу дийнахь паччахьаш
хIаллакбийр бу Цо.
6 Цу дийнахь халкъашна тIехь кхел а йийр ю Цо.
Ткъа латта декъех дузур ду Цо.
Лаьттара массо баьччанаш а хIаллакбийр бу Цо.
7 Некъана йистехула догIучу татол чуьра паччахьо
хи мер ду.
ТIаккха цо, ницкъ тIе а беана, корта хьалаойур
бу.

## Везачу Элан гIуллакххийн абат

110 [‡‡] Везачу Элана бу хастам!
*А* са [‡‡†] вазвийр ву Веза Эла сайн доллучу
даггара,
баккъал догцIена болчеран гуламна юкъахь.
2 *В*езачу Эло мел дийриг ма сийлахь ду!

† 108:25 Маттай 27:39; Марк 15:29.

†† 109:1 Маттай 22:44; Марк 12:36; Лака 20:42, 43; Векалийн 2:34, 35; 1 Коринтхошка 15:25; Эпасхошка 1:20-22; Ковлусихошка 3:1; Iебархошка 1:13; 8:1; 10:12, 13. ‡ Корта 109 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *110.* ‡† 109:4 Iебархошка 5:6; 6:20; 7:17, 21. ‡‡ Корта 110 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *111.* ‡‡† ХIара назма абатан кепехь ю. Хьовса: Забур 24.*

ГІуллакхаш Цуьнан царах воккхавеш мел волчо толлуш ду.
3 *Д*еза а, исбаьхьа а Цуьнан гІуллакхаш ду,
ерриг а Цуьнан нийсо гуттаренна а лаьтташ ю.
4 *З*аманашкара Шен Іаламаташ дагалацийтира Цо.
И Веза Эла дика а, къинхетаме а ма ву.
5 *К*хобуш ву Иза Цунна хьалха ларамах буьзнарш.
Лоруш ву Иза нахаца Ша бина барт абаденналц.
6 *М*асех кхидолчу къаьмнийн латтанаш царна дІа а делла,
ницкъ Шен мел бу дІагайтина Цо Шен къомана.
7 *О*нда а, нийса а ду Цуьнан куьйгаша мел дийриг.
Пайда эцарца теша мегар ду массо а Цуьнан тІедехкинчарах.
8 *Р*ажехь чІагІдина ду и тІедехкинарш массо а ханна,
и сацамаш тешамца а, догцІеналлица а тІебехкина дела.
9 *Т*утмакхаш болчуьра паргІатдаккхина Цо Шен халкъ,
хІоттийна Цо абаденналц Ша бина барт.
Цуьнан цІе еза а, ларамах бузуьйтуш а ю!
10 † *Ш*аьш хьекъалалле кхачийтархьама, нах уггар хьалха Везачу Эле ларамах буьзна хила беза.
Эрна доцу дуьхьекхиар Цо тІедехкинарш лардеш болчу массеран а хир ду.
Іаббалц Цунна беш болу хастамаш абаденналц лаьттар бу.

### Веза Эла лоручун абат

**111** †† Везачу Элана бу хастам!
*А*лсам ‡ декъала ву Везачу Элана хьалха ларамах вуьзна верг,
баккъалла а Цуьнан парзаш кхочушдарх дезар оьцуш верг.
2 *В*уно ницкъ болуш хир ду цуьнан бераш шайн махкахь.
Гуттар декъалйина хир ю дог цІена йолу цуьнан тІаьхье.
3 *Д*у цуьнан хІусамехь хьал, иштта шорто а хир ю,
ерриг а ханна цуьнан нийсо дагалоцуш а хир ю.
4 *З*Іенарша боданехь а серло ло догцІена болчарна а,
иштта дика а, къинхетаме а, нийса а болчарна а.
5 *К*омаьршаллица ахча юхалург луш волчунна дика хир ду,
ларамца хьанал гІуллакхаш лелош верг ирсе хир ву.
6 *М*еттахваккхалур вац иштта волу стаг цкъа а.
Нийса лелаш верг даим а дагахь лаьттар ву.
7 *О*рца доккхуш болчу вочу кхаьънех иза кхоьрур вац.
Пайда эцарца Везачу Элах а тешаш, цуьнан дог чІагІлур ду.
8 *Р*еза хиларца а, кхерам боцуш а, цуьнан дог чІогІа лаьттар ду,
са шен кІелхьар а даьккхина, эшийначу мостагІашка хьоьжур ву.
9 ‡‡ *Т*оам боллуш дІало цо мискачу нахана,
ур-атталла абаденналц а лаьтта цуьнан нийсо.
ХІуттур бу цуьнан ницкъ сийлаллица.
10 *Ц*у суьрте хьоьжуш волу Іесаниг оьгІазгІур ву,
шен цергаш а хьекхош, иза къайлавер ма ву.
Іесачеран лаамаш хІаллакьхир бу.

### Веза Эла дика хиларна болу хастам

**112** ‡‡ Везачу Элана бу хастам!
Везачу Элан ва ялхой, Цунна хастам бе!
Везачу Элан цІе аша хаста а е!
2 Хастам хуьлийла Везачу Элан цІарна
таханлерчу дийнахь дуьйна массо а ханна.
3 Малхбалера дуьйна малхбузе кхаччалц
Везачу Элан цІе хастаме хуьлийла.
4 Веза Эла массо а къаьмнел лекха лаьтташ ву,
Цуьнан сийлалла стигалел лекха хьалаяьлла ю.
5 Мила ву вайн Везачу Делах тера верг,
лакхаллашкахь Іаршана тІехь Іаш волчу а,
6 стигалшка а, лаьтте а хьажархьама,
лохха охьатаьІаш волчу а?
7 Къен верг Цо хьала а воккху хотта юкъара,
мисканиг Цо хьала а ойу ченна юкъара.
8 Цо уьш элашна юкъа охьаховшабо,
шайн халкъах болчу элашна ховшабо.
9 Бер ца хуьлуш йолчу зудчуьнан тидам бо Цо цуьнан хІусамехь,
шен берех йоккхаеш йолу зуда Цо цунах йо.
Везачу Элана бу хастам!

### Мисар-махкара арадаларх йолу йиш

**113** ‡‡† ‡‡‡ Исраилхой Мисар-махкара арабевлча,
Якъубан тІаьхье хийрачу къомана юкъара схьаяьлча,
2 ЯхІудан халкъ Везачу Элан деза къам хилла дІахІоьттира,
Исраилан халкъ Везачу Элан долахь дерг хилла дІахІоьттира.
3 § Иза гина болу Эрзийн хІорд юхабедира,
Йордан-хи а юханехьа доладелира.
4 УьстагІий санна, кхиссалуш дара лаьмнаш,
гунаш а дара, Іахарий санна, ирхлелхаш.
5 ХІун хилла хьуна, хІорд, хьо дІа хІунда бедда?
Хьуна а хІун хилла, Йордан, хьо юханехьа стенна доладелла?
6 Шу хІунда кхиссаделла, лаьмнаш, уьстагІий санна,

† 110:10 Аюб 28:28; Кицанаш 1:7; 9:10. †† Корта 111 (Грекийн) *– Іебархойн меттан тептар тІехь: *112.* ‡ ХІара назма абатан кепехь ю. Хьовса: Забур 24.* ‡‡ 111:9 2 Коринтхошка 9:9. ‡‡ Корта 112 (Грекийн) *– Іебархойн меттан тептар тІехь: *113.* ‡‡† 113:1 Арадаккхар 12:51. ‡‡‡ Корта 113:1-8 (Грекийн) *– Іебархойн меттан тептар тІехь: *Корта 114.* § 113:3 а: Арадаккхар 14:21; б: Якъуба 3:16.

ткъа шу а, гунаш, стенна кхиссаделла, Іахарий санна?
7 Дегаде, латта, Везачу Элана хьалха,
Якъубан Далла хьалха дегаде.
8 †Цо тархах, Іам бой, дІахІоттабо,
иштта тІулгаш юкъара хи а охьадоладолуьйту.

## Цхьаъ бен Дела цахиларх лаьцна

9 †† Тхуна а ца луш, Веза Эла, тхуна а ца луш,
амма Хьайн цІарна бен сийлалла ма лойла,
Хьайн хедар боцу безам хилар а,
Хьо тхуна тешаме хилар а бахьанехь.
10 Кхечу къаьмнех болчара стенна боху:
«Мичахь ву церан Дела?»
11 Тхан Дела стигалахь ву,
Цо Шена луъург а до.
12 ‡Ткъа церан деланаш детих а, деших а бина бу,
уьш адамийн куьйгашца бина болу цІуш бу.
13 Церан батош ю, амма цара къамел ца до,
церан бІаьргаш бу, амма царна хІумма а ца го.
14 Церан лергаш а ду, амма царна ца хеза.
Церан марош а ду, амма царна хьожа ца йогІу.
15 Куьйгаш а ду церан, амма уьш хьакха ца ло.
Когаш а бу церан, амма уьш лелаш бац.
Церан легашкара аз а ца долу.
16 Царах терра хир бу уьш беш берш а,
царах тешна Іаш верг муьлхха а.
17 Ва Исраилан халкъ,
Везачу Элах тешна Іаш хила!
Иза шун гІо а, шун *турс* а ма ду.
18 Ва АхІаронан тІаьхье,
Везачу Элах тешна Іаш хила!
Иза шун гІо а, шун турс а ма ду.
19 Цунна хьалха ларамах дуьзна дерш,
Везачу Элах тешна Іаш хила!
Иза шун гІо а, шун турс а ма ду.
20 Везачу Элана вай дагахь лаьтташ ду,
Цо вай декъалдийр ма ду:
Исраилан халкъ Цо декъалдийр ду,
АхІаронан тІаьхье Цо декъалйийр ю.
21 ‡†Цунна хьалха ларамах буьзнарш Цо декъалбийр бу.
Ларамe боцурш а, цІеяханарш а цхьатерра декъалбийр бу.
22 Везачу Эло шу дебадойла,
шу а, шун тІаьхье Цо дебайойла!
23 Декъалдойла шу Везачу Эло,
стигал а, латта а кхоьллинчо.
24 Стигал Везачу Элан долахь ю,
ткъа латта Цо адамашна дІаделла.
25 Беллачара Везачу Элана хастамаш бийр бац,
Іожаллин тийналле боьссинчех цхьаммо а Цунна хастам бийр бац.
26 Везачу Элана хастамаш вай-м бийр бу,
хІинца дуьйна абаденналц.
Везачу Элана бу хастам!

## КІелхьарваккхарна баркалла алар

114 ‡‡ Суна везаш ву Веза Эла,
Цунна сан аз дІахазарна а,
сан орца даккхар дІахазарна а.
2 Шен лергаш Цо соьгахьа схьадерзийна дела,
со дийна мел волчу хенахь, Цуьнга кхойкхуш хир ву.
3 Іожаллин машшех со тасавелла,
эхартан къемат суна уллодаьлла,
сингаттамо а, сахьийзаро а со охьатаІийна.
4 ТІаккха со Везачу Элан цІе йоккхуш кхайкхира:
«Веза Эла! КІелхьардаккхахьа сан са!» – аьлла.
5 Веза Эла дика а, нийса а ву,
вайн Дела къинхетаме ву.
6 ГІо оьшуш берш Везачу Эло ларбо.
Со холчу хІоьттича, Цо со кІелхьарваьккхира.
7 Ва сан са, паргІат хилахьа,
Везачу Эло хьуна дика дина дела.
8 Веза Эла, Ахьа сан са Іожаллех кІелхьардаьккхина,
сан бІаьргаш – бІаьрхих,
сан когаш – ког тасабаларх.
9 Дийна болчеран хІокху дуьнен чохь
Везачу Элана хьалха лелар ву со.

## Везачу Эло дина диканаш бахьана долуш Цунна делла дош

115 ‡‡† ‡‡‡Со тешара, Аса аьллехь а §:
«Со чІогІа дог доьхна ву».
2 ТІех сиха ас элира:
«Муьлхха а стаг харцлуьйш ву».
3 ХІун юхалур ю ас Везачу Элана
Цо суна мел динчу диканна дуьхьал?
4 Со кІелхьарваьлла хилар дага а лоцуш,
Ас чагІаран кад хьалаойур бу,
доІанца со Везачу Эле кхойкхур а ву.
5 Ас кхочушдийр ду сайн нигаташ Везачу Элана
дерриг а Цуьнан халкъана хьалха.
6 Мехала ду Везачу Элан бІаьргашна хьалха
Цуьнан долахь болчех цхьаъ валар!
7 Ва Веза Эла! Со Хьан лай ву,
со Хьан *гІарбаш* йолчун кІант ву.
Ахьа паргІатваьккхина со сайн буржалех.
8 Ас баркаллин сагІа Хьуна доккхур ду,
иштта доІанца Везачу Эле кхойкхур ву.
9 Ас кхочушдийр ду сайн нигаташ Везачу Элана а,
дерриг а Цуьнан халкъана а хьалха,
10 Везачу Элан цІийнан керташкахь,
хьуна юккъехь, ва Ярушалайм-гІала!
Везачу Элана бу хастам!

---

*† 113:8 Арадаккхар 17:1-7; Лелар 20:2-13. †† Корта 113:9-26 (Грекийн) *– Іебархойн меттан тептар тІехь: *Корта 115.* ‡ 113:12-16 Забур 134:15-18; Довзийтинарг 9:20. ‡† 113:21 Довзийтинарг 11:18; 19:5.*

*‡‡ Корта 114 (Грекийн) *– Іебархойн меттан тептар тІехь: *116:1-9.* ‡‡† 115:1 2 Коринтхошка 4:13. ‡‡‡ Корта 115 (Грекийн) *– Іебархойн меттан тептар тІехь: *116:10-19.* § Іебархойн тептар тІехь: *Со тешара, Аса аьллехь а. *Грекийн гочдар тІехь: *Со тешаш хиларна, со вистхилира.**

### Везачу Элана хастам бар

116 † †† Хаставе Веза Эла массо а халкъаша,
хастам бе Цунна массо а къаьмнаша!
2 Вайга болу Цуьнан безам боккха ма бу,
ткъа Веза Эла вайна даим а тешаме ву.
Везачу Элана бу хастам! ‡

### Толам баккхарна дина баркаллин доIа

117 ‡† ‡‡ Хастамаш бе Везачу Элана, Иза дика хиларна а,
Цуьнан хедар боцу безам абаденналц хиларна а.
2 Исраилан халкъо хIинца олийла:
«Цуьнан хедар боцу безам абаденналц бу».
3 АхIаронан тIаьхьено хIинца олийла:
«Цуьнан хедар боцу безам абаденналц бу».
4 Цунна хьалха ларамах буьзначара хIинца олийла:
«Цуьнан хедар боцу безам абаденналц бу».
5 Саготта волу со Везачу Эле кхайкхира,
Цо, дIа а хезна, синпаргIатоне со ваьккхира.
6 ‡‡†Веза Эла соьца ма ву,
со цхьана а хIуманах кхоьрур вац.
ХIун дийр дара суна стага?
7 Веза Эла соьца ву, Иза сан гIоьнча ву:
со сан мостагIашка толамца хьожур ву.
8 Везачу Эле ша ларвайтар гIоле ду,
адамех тешна хуьлучул.
9 Везачу Эле ша ларвайтар гIоле ду,
элех тешна хуьлучул.
10 Дуккха а къаьмнаш суна гонах девллера,
амма Везачу Элан цIарца ас уьш эшийра.
11 Цара суна массо а маьIIера го бинера,
амма Везачу Элан цIарца ас уьш эшийра.
12 Накхармозийн жIугано санна, суна го бинера цара,
амма чах яьлла цIе санна, уьш сихха дIабайира.
Везачу Элан цIарца ас уьш эшийра.
13 Со чIоггIа дIатеттира, охьавожийта,
амма Везачу Эло суна гIо дира.
14 ‡‡‡Веза Эла сан ницкъ бу,
Цуьнан дуьхьа ас йиш локху,
Цо со кIелхьарваьккхина дела.
15 Делан нехан хIусамашкахь хезаш ду
самукъане а, толаман а маьхьарий:
«Везачу Элан аьтту куьйго толам боккху!
16 Везачу Элан куьг лекха хьалаайина ду,
Везачу Элан аьтту куьйго толам боккху!»
17 Со лийр вац, амма вехар ву,
Везачу Элан гIуллакххех лаьцна дуьйцур ду.
18 Луьра таIзар дина суна Везачу Эло,
амма Iожалле Цо со дIа ца кховдийна.
19 Схьаделлийша суна Делан лаамехь берш чубовлу кевнаш!
Делан цIийнан керта а ваьлла, ас Везачу Элана хастамаш бийр бу!
20 ХIара ков Везачу Элан ков ду.
Цу чу Делан лаамехь берш гIур бу.
21 Хастам бо ас Хьуна, Веза Эла,
со дIа а хезна, Ахь со кIелхьарваккхарна.
22 § §†ГIишло ечу пхьераша дIакхоьссина тIулг
цIийнан сонан йистехь, коьрта тIулг хилла, дIахIоьттина.
23 Иза Везачу Эло дина ду,
вайна гергахь и чIогIа инзаре а ду.
24 ХIара де – Везачу Эло кхочушбина болх бу.
Цунах даккхий а деш, самукъане хила вай!
25 §††Ва Веза Эла, кIелхьардахахьа тхо!
Аьтто а бехьа тхан, Веза Эла!
26 §‡Декъал хуьлда Везачу Элан цIарах вогIуш верг!
Везачу Элан цIа чуьра оха шу декъалдо.
27 Веза Эла ву Дела,
Цо Шен серло тхуна тIе хьажийна.
Гаьннаш куьйга а лаьцна, даздан дуьйлалойша,
сагIа доккхучу кхерчана гонах халхарш дейша §‡†.
28 Хьо сан Дела ву, ткъа ас хастамаш бийр бу Хьуна.
Хьо сан Дела ву, ткъа ас вазвийр ву Хьо.
29 Хастамаш бе Везачу Элана, Иза дика хиларна а,
Цуьнан хедар боцу безам абаденналц хиларна а.

### Делан дешан абат

#### Элп «а»

118 §† *А* дамаш §‡ декъала хуьлу цIеначу некъаца лелча,
Везачу Элан *товрат-хьехам* тIехь а лаьтташ.
2 *А* дамаш декъала хуьлу Цуьнан сацамаш ларбеш хилча,
дерриг а шайн дагца Иза лохуш хилча.
3 *А* ла хIума долу гIуллакхаш цара ца до,
амма Цуьнан некъашца лела уьш.
4 *А* хьа омранаш тхуна тIедехкина,
тхоьга уьш кхоччуш лардайтархьама.
5 *А* хь тIедехкина парзаш лардарна
сан некъаш тIехьажийна делахьара!
6 *А* хьа мел тIедиллиначуьнга со хьежахь,
юьхьIаьржачу хIуттур вац со.
7 *А* са догцIеналлица хастамаш бийр бу Хьуна,
Хьан нийса тIедехкинарш а Iамош.
8 *А* са Хьан парзаш лардийр ду.

† *116:1 Римхошка 15:11.* †† *Корта 116 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *117.** ‡ *Везачу Элана бу хастам *– Iебархойн маттахь ма-хиллара аьлча: *ХIалалу-ЯхIу.** ‡† *117:1 Арадаккхар 16:34; 2 Шерашкахь 5:13; 7:3; Iезар 3:11; Забур 99:5; 105:1; 106:1; 135:1; Ярми-ЯхIу 33:11.* ‡‡ *Корта 117 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *118.** ‡‡† *117:6 Iебархошка 13:6.* ‡‡‡ *117:14 Арадаккхар 15:2; ЕшаI-ЯхIу 12:2.*

§ *117:22 Лака 20:17; Векалийн 4:11; 1 Кипин 2:7.* §† *117:22, 23 Маттай 21:42; Марк 12:10, 11.* §†† *117:25 Маттай 21:9; Марк 11:9; Яхьъя 12:13.* §‡ *117:26 Маттай 21:9; 23:39; Марк 11:9; Лака 13:35; 19:38; Яхьъя 12:13.* §‡† *Iебархойн меттан тептар ишттa а кхета мега: *Даздаран сагIин дийнат дIадехка тIийрагашца сагIа доккхучу кхерчан маIашна уллохь.** §† *Корта 118 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *119.** §‡ *ХIара назма абатан кепехь ю. Хьовса: Забур 24.**

Кхоччуш дIа ма тасахьа со!

### Элп «б»

9 *Б*еш болу шен дахаран некъ
жимачу стага цIена муха лелабо?
Хьан дош кхочушдарца цIена лелабо.
10 *Б*оллучу ницкъаца, сайн доллучу даггара Хьо лоьху ас,
Хьан весеташ тIера дIа ма валийтахьа со.
11 *Б*акъдолу Хьан дош сайн даг чохь латтадо аса,
Хьуна дуьхьал сайна къа ца латорхьама.
12 *Б*акъволу Эла, декъала ву Хьо!
Хьайн парзаш суна хьехахьа.
13 *Б*агахула Ахь мел тIедиллина хIума
сайн балдашца Аса кхайкхха а до.
14 *Б*оккхачу бахамах санна, со воккхавеш ву
Хьан бакъонийн некъаца леларх.
15 *Б*акъдолу Хьан омранийн ойла еш ву со,
Хьан некъашка а хьоьжуш ву со.
16 *Б*акъдолу Хьан дош суна диц ца ло,
мелхо а, Хьан парзех со воккха а воь.

### Элп «в»

17 *В*ехьа декъала Хьайн лай волу со,
Хьан дош а лардеш со вахийтархьама.
18 *В*ехьа со бIаьрса долуш, Хьан товрата тIера
тамашийна хIуманаш суна гайтархьама.
19 *В*у со хьаша кху латтахь,
ма дахахьа сох къайла Хьайн весеташ.
20 *В*у сайн са тIехдуьзна ерриг а хенахь
Хьан тIедехкинаршна леринчу лаамех.
21 *В*у Хьо кура дегнаш долчарна тIехдетташ.
Хьан весетех дIабевллачарна тIехь неIалт ду.
22 *В*аккхахьа со сайна тIерачу эхьах а, дегабаамах а,
ас Хьан бакъонаш кхочушйо дела.
23 *В*овшах а кхетта, суна дуьхьал элий барт беш белахь а,
Хьан лай волчу аса Хьан парзех лаьцна ойланаш йийр ю.
24 *В*у со сакъералуш Хьан бакъонех,
уьш суна хьехамчаш санна ма ю.

### Элп «г»

25 *Г*Iел а велла, со ченахь Iуьллуш ву.
Денвехьа со Хьайн дашца.
26 *Г*учудехира ас сайн некъаш,
Хьуна ас бохург дIа а хезира.
Iамадехьа суна Хьайн парзаш.
27 *Г*айтахьа суна Айхьа динчу омранийн маьIна,
тIаккха ойла йийр яра аса Хьан тамашийначу хьехамех лаьцна.
28 *Г*IайгIано дашош лаьтта сан са,
Хьайн дашца чIагIвехьа со.
29 *Г*енабаккхахьа суна харцонан некъ,
Хьайн диканца бовзийтахьа суна Хьайн товрат-хьехам.
30 *Г*онах сайна дIахIиттийна ас Хьан тIедехкинарш,
Хьуна тешаме хиларан некъ а хаьржина ас.
31 *Г*Iадвахна со Хьан бакъонашна, Веза Эла.
Ма хIоттавайтахьа со юьхьIаьржачу.
32 *Г*Iадвахна воду со Хьан весетийн новкъахула,
Ахьа сан даг чу сов кхетам биллина дела.

### Элп «д»

33 *Д*овзийтахьа суна, Веза Эла, Хьайн парзийн некъаш,
со массо а хенахь уьш лардеш лелар вара.
34 *Д*овзийтахьа суна Хьайн товрат-хьехам, со цунна муьтIахь хир вара.
Сайн доллучу даггара и хьехам ас ларбийр бара.
35 *Д*аккхахьа сан са Хьайн весетийн новкъа,
хIунда аьлча царах ас марзо оьцу.
36 *Д*ерзадехьа сан дог Хьайн бакъонашна тIе,
сайна пайда болучунна тIе дерзоран метта.
37 *Д*Iадерзадехьа сан бIаьргаш
эрна хIуманашка хьоьжучуьра.
Денвехьа со Хьайн некъа тIехь.
38 *Д*IахIоттадехьа Хьайн лай волчу суна Айхьа дина *ваIда*,
Хьуна хьалха ларамах буьзначарна лерина ваIда.
39 *Д*Iадаккхахьа суна кхераме хеташ долу со емалвар.
Делахь а Хьан тIедехкинарш суна диканна ду.
40 *Д*езаш ма ду суна Хьан омранаш.
Хьайн нийсонца денвехьа со.

### Элп «е»

41 *Е*рзайойла Ахьа суна тIе Хьайн безаман марзо.
Веза Эла, кIелхьарваккхахьа со – Ахьа чIагIо ма йина.
42 *Е*малвар сайна деш волчунна ас тIаккха жоп лур ду,
хIунда аьлча со Хьан дашах тешна Iаш ву.
43 *Е*рриг а йиш Хьох лаьцна бакъдерг дийца дIа ма яккхахьа,
хIунда аьлча Ахьа ечу кхелашка со хьоьжуш ву.
44 *Е*ррига а хенахь, абаденналц
ларбийр бу ас Хьан товрат-хьехам.
45 *Е*ллачу паргIатонца лелар ву со,
хIунда аьлча ас Хьан омранаш лийхира.
46 *Е*ллачу Хьан бакъонех лаьцна дуьйцур ду ас
паччахьашна хьалха, ийза а ца луш.
47 *Е*рриг а сан ойланашца суна уьш дезарна,
Хьан весетех сакъералуш ма ву со.
48 *Е*ррига а сайн ойла Ахь деллачу парзашна тIеерзор ю аса,
сайна дезаделлачу Хьан весеташна куьйгаш тIекхийдор ду аса.

### Элп «з»

49 *З*ерца Айхьа делла дош дагадаийтахьа,
хIунда аьлча цуьнга со сатуьйсуш ву.

50 *З* аза доккхуш санна, Хьан чIагIоно со денвар –
иза сан догъэцар ду, со баланехь велахь а.
51 *З* ама мел йолу а, кура дегнаш дерш суна луьйш бу,
амма со Хьан товрат-хьехаман некъа тIера ца волу.
52 *З* аманашкара дуьйна долу Хьан тIедехкинарш, Веза Эла,
дага а доуьйтуш, царах аса сайн дагна синтем бо.
53 *З* уз дарца дегIе эргIадволу со, хIунда аьлча
Iесанаш Хьан товрат-хьехамна тIера бовлу.
54 *З* овкх хьоьгуш ву со кху дуьнен тIехь йолчу хенахь,
Хьан парзех лаьцна эшарш а лоькхуш.
55 *З* ама буьйсане йирзича,
Хьан цIе дагайогIура суна, Веза Эла,
ткъа Хьан товрат-хьехам аса ларбийр ма бу.
56 *З* ама дIа мел яларх, со иштта веха:
Хьан омранашна со муьтIахь ма ву.

### Элп «и»

57 *И* сан дакъа Хьо ма ду, Веза Эла.
Аса чIагIо йина Хьан дешнаш лардан.
58 *И* штта, сайн даггара доIанаш дира аса:
Хьайн ваIданца къинхетам бехьа сох.
59 *И* сайн лелар Хьан бакъонашна тIе дерзадо ас,
сайн дахаран некъех лаьцна ойланаш а йина.
60 *И* Хьан весеташ лардархьама,
тIаьхьа ца тоттуш аса сихо йо.
61 *И* штта ца бицбо ас Хьан товрат-хьехам,
Iесачеран машшаш суна гонах делахь а.
62 *И* нзаре нийса долу Хьан тIедехкинарш бахьана долуш
Хьуна хастамаш бан хьалагIотту со буьйсанна юккъехь.
63 *И* штта, Хьуна хьалха ларамах мел буьзначеран а,
Хьан омранаш лардеш болчеран а доттагIа ву со.
64 *И* дуьне Хьан безамах дуьзна ду, Веза Эла.
Iамадехьа суна Хьайн парзаш.

### Элп «к»

65 *Кх* оьллина Ахь дика, Веза Эла,
Хьан лай волчунна Хьайн дашца.
66 *К х* ин а чIогIа Iамавехьа со
дика къасто а, хьекъале хила а,
хIунда аьлча со Хьан весетех теша.
67 *К ъ* иза бала айса хьегале,
дикка хьалха, со тилавелла вара,
ткъа хIинца Хьан дош лардо аса.
68 *К* омаьрша а, диканиг дийриг а ву Хьо!
Iамабехьа суна Хьайн хьехамаш.
69 *К* ура дегнаш долчара суна дуьхьал харцдерг кхуллу,
амма Аса сайн доллучу дагца Хьан омранаш лардийр ду.
70 *К* урачийн дегнаш дерстина, мохь санна,
ткъа аса Хьан товрат-хьехамах зовкх хьоьгу.
71 *К ъ* аьхьа бала хьегар дика дара суна,
цу бахьанина суна Хьан парзаш Iемина дела.
72 *К х* оччуш дика бу суна Хьан товрат-хьехам,
деших а, детих а дина эзарнаш ахчанал.

### Элп «л»

73 *Л* еррина кхолла а кхоьллина, дIахIоттийна со Хьан куьйгаша.
Кхетавехьа со – тIаккха Iемар ву со Хьан весеташ лардан.
74 *Л* арамах Хьуна хьалха буьзнарш со гарх баккхийбийр бу,
хIунда аьлча со Хьан дашах тешна Iаш ву.
75 *Л* еррина Ахь йина йолу кхелаш бакъ юйла хаьа суна, Веза Эла,
Хьо суна тешаме хиларна, таIзар а дина Ахьа суна.
76 *Л* аьа суна Хьан безамах сайна синтем хуьлийла,
Хьан лай волчу суна Ахь чIагIо ма йина.
77 *Л* аьа суна Хьан къинхетамалла суна тIехь хуьлийла,
тIаккха дика вехар ву со, Хьан товрат-хьехамах ас зовкх хьоьгу дела.
78 *Л* аьа суна кура дегнаш дерш
юьхьIаьржачу хIуьттийла, хIунда аьлча
бехк боцуш суна гIело йо цара.
Со-м Хьан омранийн ойла еш ву.
79 *Л* аьа суна, Хьуна хьалха ларамах буьзнарш
сайгахьа берзар – Хьан бакъонех кхеташ берш.
80 *Л* аьа суна сан дог цIена хуьлийла Хьан парзашна гергахь,
Хьуна гергахь юьхьIаьржачу ца хIоттархьама.

### Элп «м»

81 *М* а дешна дIадаьлла сан са,
Ахь со кIелхьарваккхаре сатийсарна.
Хьан даше сатуьйсу ас.
82 *М* а дешна дIадевлла сан бIаьргаш, Хьан чIагIоне сатийсарна.
Ас боху: «Маца бийр бу Ахьа сан синна хьаам?»
83 *М* а хилла со тишбелла *пIаьлдиг* санна,
амма Хьан парзаш суна диц ца делла.
84 *М* ел ду те Хьан лай волу со Iан дезаш долу денош?
Маца йийр ю те Ахьа кхел суна гIело ечарна?
85 *М* а дукха оьрнаш даьхна суна кура болчу а,
Хьан товрат-хьехаме ла ца дугIучу а наха.
86 *М* а тешаме ду Хьан дерриге а парзаш.
Харцонца ма тIаьхьабевлла суна, гIо дехьа суна!
87 *М* аьIIаргона со лаьттара дIавойура цара,
амма ас Хьан омранаш ца дитира.
88 *М* еттавалавай, денвехьа со Хьайн безамца,
Ахьа елла бакъонаш соьга ларъяйтархьама.

### Элп «н»

89 *Н*ийсса ду гуттаренна а Хьан дош, Веза Эла,
стигалшкахь иза чIагIдина льатташ ду.
90 *Н*ехан массо а тIаьхьенашкахула Хьо тешаме ву.
Ахьа дIахIоттийна латта, цундела иза льатташ ду.
91 *Н*исдина льатташ ду дерриге а и хIуманаш тахханалц а Хьан тIедехкинаршца,
хIунда аьлча дерриг а хIума Хьуна гIуллакх деш ду.
92 *Н*ицкъболчу Хьан товрат-хьехамах аса зовкх ца хьегнехьара,
баланаш хьегарна, со хIаллакьхилла хир вара.
93 *Н*ийсса цкъа а дицдийр дац ас Хьан омранаш,
хIунда аьлча цаьргахула Ахь со ден ма вина.
94 *Н*ицкъ ма-кхоччу ас Хьан омранаш лехна дела,
со кIелхьарваккххахьа, со Хьан ву.
95 *Н*овкъахь Iесачара суна кIело йо, со вен дагахь,
ткъа аса Хьан бакъонех льацна ойланаш йийр ю.
96 *Н*ийсса доза гинера суна мел айпе доцучун,
амма Хьан весеташ доза доцуш дакккхий ду.

### Элп «о»

97 *О*ццул дика болу Хьан товрат-хьехам ма беза суна!
Дийнан дохаллехь цунах льацна ойла еш ву со.
98 *О*цу сан мостагIел хьекъале вина со Хьан весето,
иза массо а хенахь соьца цхьаьна долу дела.
99 *О*ьзда мел болчу сан хьехамчел а кхетаме хилла со,
хIунда аьлча Хьан бакъонех льацна ойла еш ву со.
100 *О*нда кхетам болчу къанойл а хIума хууш ву со,
хIунда аьлча ас Хьан омранаш лардо.
101 *О*цу муьлххачу а зуламечу некъах ларбо
аса сайн когаш, Хьан дош лардархьама.
102 *О*цу Ахьа тIедиллинчух а ца къехка со,
хIунда аьлча Ахь-айхьа со Iамаво.
103 *О*ццул мерза ду-кх сан къамкъаргана Хьан дешнаш!
Сан бетана *мазал* а мерза ду уьш.
104 *О*цу Хьан омранашкахула кхетам белла суна,
цундела суна ца беза муьлхха а болу харцнекъ.

### Элп «п»

105 *П*айден Хьан дош чиркх санна ду суна,
сан тачанехь иза суна серло ю.
106 *П*айденна долу Хьан нийса тIедехкинарш
лардан ас, дуй а бууш, чIагIо ма йинера.
107 *П*екъаро санна ас дуккха а гIело хьегна.
Веза Эла, Хьайн дашца дахар лохьа суна.
108 *П*аргIат долчу сан синца сан багара долу сагIа дIаэцахьа,
Веза Эла, Хьайн тIедехкинчарах кхета Iамавехьа со.
109 *П*аргIат долчу сан дахарна гуттар кхерам а льатташ,
амма Хьан товрат-хьехам ас биц ца бо.
110 *П*аргIат со ца хилийтархьама, Iесачара суна гур боьгIна,
амма со Хьан омранашна тIера ца ваьлла.
111 *П*айда эцарца сан дог самукъа а доккхуш,
массо а ханна Хьан бакъонаш сан долахь ю.
112 *П*усар дарца сайн дог ас тIе-ма-дерзийнера
чаккхенга кхаччалц Хьан парзаш лардан.

### Элп «р»

113 *Р*еза вац со кхоччуш тешам боцучарна,
ткъа Хьан товрат-хьехам суна беза.
114 *Р*езахиларца сатуьйсу ас Хьан даше.
Хьо – сан дIалечкъийла а, сан *турс* а ду.
115 *Р*езахиларца сайн Делан весеташ лардойла аса.
ДIадовла суна уллора, вониг лелош дерш!
116 *Р*ицкъа хилийтахьа сан Хьайн чIагIонца, тIаккха со вехар ву.
Сан сатийсамехь со юьхьIаьржачу ма хIоттавехьа.
117 *Р*еза суна Хьо хиларо со кIелхьарвоккхур вара.
Массо а ханна Хьан парзийн Аса тидам бийр бара.
118 *Р*еза боцуш Хьан парзашна дуьхьалбевлла
лелаш берш массо а Ахь дIатотту,
хIунда аьлча церан мекарлонаш эрна ю.
119 *Р*огI-роггIана льаттара Iесанаш, хатт санна, Ахь дIабоху,
цундела езаелла суна Хьан бакъонаш.
120 *Р*аж йоцуш дегош ду сан дегI Хьох кхерарна.
Сан дага чу кхерам тесна Ахь йинчу кхелаша.

### Элп «с»

121 *С*о бакъдерг а, нийсо а лелош Iийра,
ма вахийтахьа со сан мостагIийн кара.
122 *С*уна диканна, Хьан лай волчу соьгахьа гIо а даккхий,
ларвехьа со, курачаьрга гIелонаш ца йойтуш.
123 *С*ан бIаьргаш гIелделла ду, Ахь кIелхьарвакккхаре хьежарна.
Нийсонца Ахь йина чIагIо кхочушъяре хьоьжуш ма ву со.
124 *С*о лелавехьа, Хьайн безаме хьаьжжина,
со Хьайн парзех а кхетавехьа.
125 *С*о Хьан лай ву, Iамавехьа со,
тIаккха кхетар ву со Хьан бакъонех.
126 *С*ийсаз а бохуш, Хьан товрат-хьехам талхорна,
Ахь кхел ян езаш йолу хан тIекхаьчна, Веза Эла.
127 *С*уна Хьан весаташ дешил дезаш ду,
ур-атталла цIеначу дешил сов деза.
128 *С*айна Ахь тIе мел дехкина омранаш нийса хеташ ас тIеоьцу,
муьлхха а харцонца болу некъ суна чIогIа ца беза.

### Элп «т»

129 *Т* Iех инзаре ю Хьан бакъонаш,
цундела царна муьтIахь ву со.
130 *Т* Iех серло ло Хьан дешнийн дIаделларо,
муьлхха а хууш воцург кхета а во цо.
131 *Т* Iех дукха Хьан весеташка сатийсарна
гIаттийначу баганца аса синош доху.
132 *Т* ам а бехьа суна, къинхетам а бехьа сох,
Хьан цIе езачарах Айхьа ма-барра.
133 *Т* IечIагIбехьа сан когаш Хьайн дашца,
зуламечу хIумане со кIел ма витийтахьа.
134 *Т* Iех адамаша ницкъ барх кIелхьарваккхахьа со,
Хьан омранашна со муьтIахь хилийтархьама.
135 *Т* ешамца Хьан юьхь тIера серло суна лепаехьа,
Хьан парзех со иштта кхетавехьа.
136 *Т* Iех халахетарна сан бIаьргех хиш оьху,
Хьан товрат-хьехам наха лар ца бо дела.

### Элп «у»

137 *У* ггаре а нийсаниг, Веза Эла, Хьо ма ву,
ткъа Хьан тIедехкинарш бакъ ма ду.
138 *У* ггаре нийса а, тешаме а ю
Ахьа тIе мел ехкина бакъонаш.
139 *У* ллогIерта цIе санна, оьгIазло суна чохь йогуш ю,
хIунда аьлча сан мостагIаша дицдо Хьан дешнаш.
140 *У* ггар зийна ю Ахь йина чIагIонаш,
Хьан лай волчу суна уьш езаелла.
141 *У* ггаре кIезиг а, нахана дола хеташ а со воллушехь,
аса Хьан омранех цхьа а диц ца до.
142 *У* ггар дукха ханна Хьан нийсо лаьтташ ю,
ткъа Хьан товрат-хьехам билггал а тешаме бу.
143 *У* ггар хала бала а, гIайгIа а тIееана суна,
амма Хьан весеташ – суна сакъерадалар ду.
144 *У* ггар а нийса ю Хьан бакъонаш абаденналц.
Хьехар дехьа суна, тIаккха со вехар ву.

### Элп «х»

145 *Х ь* оьга, Веза Эла, кхойкху со сайн доллучу даггара.
Со дIахазахьа, ас Iалашдийр дара Хьан парзаш.
146 *Х ь* оьга со кхойкхуш ву. КIелхьарваккхахьа со,
ткъа Хьан бакъонаш аса Iалашйийр яра.
147 *Х ь* оьга гIо доьхуш сахиллалц Iа со,
Хьан дашах дегайовхо а ю сан.
148 *Х ь* ан чIагIонех лаьцна ойланаш ярхьама,
аса буса сахиллалц бIаьргаш дIа ца къовлу.
149 *Х ь* айн хедар боцучу безаме хьаьжжина, сан озе тидам бехьа,
Веза Эла, Хьайн нийсоне хьаьжжина, сан дахар Iалашдехьа!
150 *Х* Iилла лело дагатеснарш тIегIоьртина суна,
уьш Хьан товрат-хьехамна генахь бу.
151 *Х ь* о уллохь ву суна, Веза Эла,
Хьан дерриг а весеташ нийса ду.
152 *Х ь* ан бакъонех лаьцна дикка хан ю суна хиъна,
уьш Ахьа массо а ханна дIахIиттинийла а хаьа суна.

### Элп «ч»

153 *Ч* IогIачу баланехь со хиларе а хьажий, кIелхьарваккхахьа со,
хIунда аьлча ас биц ца бо Хьан товрат-хьехам.
154 *Ч* IагIо Айхьа ма-ярра, со кIелхьарваккхахьа.
Сан къовсам къаста а беш, со паргIат а ваккхахьа.
155 *Ч* IогIа генахь бу Iесанаш кIелхьарбахарх,
царна Хьан парзаш кхочушдан ца лаарна.
156 *Ч* IогIа къинхетаме ву Хьо, Веза Эла.
Хьайн кхел ярца денвехьа со.
157 *Ч* IогIа дукха бу суна тIаьхьабевлларш а, мостагIий а,
амма Хьан бакъонашна со генаваьлла вац.
158 *Ч* IогIа дог делира сан Хьуна тешаме боцурш ган,
хIунда аьлча Хьан дош ца лардо цара.
159 *Ч* IогIа Хьан омранаш суна дезаш хиларе хьажахьа,
Веза Эла, Хьайн безамца денвехьа со.
160 *Ч* IогIа тешаме бу Хьан дешан бух,
массо а Хьан нийса тIедехкинарш абаденналц ду.

### Элп «ш»

161 *Ш* аьш бакъ боццушехь, суна тIаьхьабевлла куьйгалхой,
амма сан дог, ларамах а дуьзна, Хьан дош бахьана долуш дегадо.
162 *Ш* ена йоккха са яьлларг санна,
воккхавеш ву со Хьан чIагIонах.
163 *Ш* еко а йоцуш, ца деза суна харцдерг,
ткъа Хьан товрат-хьехам суна беза.
164 *Ш* аерг нийса йолу Хьан кхелаш бахьанехь,
дийнахь ворхIазза хастам бо ас Хьуна.
165 *Ш* ортта синпаргIато ю Хьан товрат-хьехам безачийн,
ткъа уьш тасабалийта я галбовлийта хIумма а дац.
166 *Ш* еко йоцуш, Ахь кIелхьарваккхаре дегайовхо ю сан,
Веза Эла, Хьан весеташ а кхочушдо ас.
167 *Ш* атайпа Хьан бакъонаш сан сино ларйо,
уьш суна Iаламат дукха а еза.
168 *Ш* адерг сан некъаш Хьуна хьалха хиларна,
Хьан омранаш а, бакъонаш а ларйо ас.

### Элп «I»

169 *I* азап чуьра ас доккху орца
дIакхочийла Хьоьга, Веза Эла.

Хьайн дашца кхетам лохьа суна.
170 *I*ийжаме сан доIанаш Хьоьга дIакхочийла.
Хьайн чIагIонца со кIелхьарваккхахьа.
171 *I*анор бу сан багано Хьуна хастамаш,
Ахь Хьайн весетех со кхетаво дела
172 *I*абарца сан матто дIакхайкхадойла Хьан дош,
хIунда аьлча массо а Хьан весеташ нийса ду.
173 *I*аламат тешаме долу Хьан куьг суна гIоьнна хуьлийла,
хIунда аьлча ас Хьан омранаш кхочушдан хаьржина.
174 *I*ебийла Ахь кIелхьарваккхарх болу сан хьагам,
Хьан товрат-хьехамах со сакъералуш ву.
175 *I*ойла сан са Хьуна хастамаш а беш,
Ахьа тIедехкинарш суна гIортор санна хуьлийла.
176 *I*ахар тила ма-баллара, тилавелла со.
Хьайн ялхо волу со лехахьа, хIунда аьлча
Хьан весеташ суна диц ца делла.

## ГIо дар доьхуш долу доIа

119 [†] Делан цIийне хьалаволучу новкъахь олу назма.
Сайна бохам баьллачу дийнахь
Везачу Эле орца даьккхира аса,
ткъа Цунна со дIа а хезира.
2 Веза Эла! КIелхьардаккхахьа сан са
харцлуьйш болчу нехан маттах,
эладита лелочеран харцонах.
3 Ва харцонца ледеш дерш!
Дала шуна хIун дийр ду те?
Цо шуна стенца таIзар дийр ду те?
4 ТIемалочун ирачу пхарца а,
жIоламах богуш болчу кIегаца а
Цо таIзар дийр ду шуна.
5 Бала бу соьгахь машахахой санначарна уллохь вехаш хиларна,
иштта къедархой [††] санначеран четаршна юкъахь вехаш хиларна а.
6 ТIехдукха ваьхна со
машар ца безачарна юкъахь.
7 Со машаре стаг ву,
амма со вистхуьллушехь,
уьш тIамана кийча хуьлу.

## Веза Эла тхо лардеш верг ву

120 [‡] Делан цIийне хьалаволучу новкъахь олу назма.
Ас сайн бIаьргаш лаьмнаш долчу дIахьажабо,
сайна гIо стенгара схьакхочур ду а хоьттуш.
2 ГIо Везачу Элера хир ду суна,
стигал а, латта а кхоьллина волчу.
3 Хьан ког тасаболуьйтур а бац Цо,
сема а хир ву хьо ларвеш Верг.
4 Сема а ву, вижина а вац
Исраилан халкъ лардеш Верг.
5 Веза Эла хьо ларвеш Верг ву.
Веза Эла хьан аьтту куьг долчу
агIонгахь долу IиндагI ду.
6 Я дийнахь кхеттачу малхо а,
я буса кхеттачу батто а
хьуна цатам бийр бац.
7 Везачу Эло массо а бохамах ларвийр ву хьо,
хьан са лардийр ду Везачу Эло.
8 Хьо воьдуш-вогIуш массанхьа а
Везачу Эло ларвийр ву хьо
хIинца дуьйна абаденналц.

## Ярушалайм хастаяр

121 [‡†] Делан цIийне хьалаволучу новкъахь олу Даудан назма.
Воккхавеш вара со, сайга аьлча:
«Везачу Элан цIийнан керта гIо вай».
2 Хьан кевнашкахула а бевлла,
тхан когаш лаьтташ бу, Ярушалайм
3 Дика цхьаьнатоьхна йина гIала санна,
чIагIйина лаьтташ ю Ярушалайм.
4 Везачу Элан долахь долу исраилхойн тайпанаш
хьаладогIуш йолу меттиг а циггахь ю.
Исраилан халкъана бакъо елла ю
Везачу Элан цIарна цигахь хастамаш бан.
5 Цигара нийса кхел ярца паччахьалла деш ду,
Даудан цIийнан паччахьан гIант цигахь лаьтташ ду.
6 Деле бехийша Ярушалаймана машар:
«Маьршачу меттехь хуьлийла хьо езаш берш!
7 Машар лаьттийла хьан пенашна юкъахь,
сашорте лаьттийла хьан гIепашна чохь!»
8 Сайн гергарчеран а, уллорачеран а дуьхьа
ас эр ду: «Машар хуьлийла хьуна чохь!»
9 Вайн Везачу Делан цIийнан дуьхьа
хьуна диканиг хуьлийла доьху ас.

## Къинхетам бар доьхуш дина доIа

122 [‡‡] Делан цIийне хьалаволучу новкъахь олу назма.
Хьоьга хьалахьажабо ас сайн ши бIаьрг,
стигалшкара паччахьалла деш Верг!
2 Лай шен олахочуьнга ма-хьежжара,
зуда-лай шен зуда-олахочуьнга ма-хьежжара,
вайн Везачу Деле хьоьжуш ду вай,
Цо вайх къинхетам баллалц.
3 Къинхетам бехьа тхох, Веза Эла, къинхетам бехьа,
хIунда аьлча тIехдукха кхиссарш йора тхуна наха.
4 Дукха а хьийгира оха куранаш тхох кхардар а,
куралла ечара тхо аьшнаш дар а.

---

† *Корта 119 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *120.** †† *Машахахой... къедархой *– Машахара а, Къедарара а нах диндоцу акха нах санна лоруш бара.** ‡ *Корта 120 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *121.**

‡† *Корта 121 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *122.** ‡‡ *Корта 122 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *123.**

## Дела Шен халкъехьа ГӀодоккхург ву

123 [†] Делан цӀийне хьалаволучу новкъахь олу Даудан назма.
Олийла Исраилан халкъо: «Нагахь Веза Эла вайца ца хиллехь,
2 мостагӀий тӀелеттачу хенахь, Иза вайца ца хиллехь,
хӀун хилла хир дара те вайх?
3 Шаьш дарбеллачу хенахь
мостагӀаша вай дийна доллушехь дӀакхоллур дара-кх.
4 Дистина тӀедогӀучу хино санна,
бухадохуьйтур дара-кх цара вай.
5 Карзахдаьлла долчу хино санна,
бухадохуьйтур дара-кх цара вай».
6 Декъала ву вай мостагӀашка
хӀаллак ца дайтина волу Веза Эла!
7 РечӀанах кӀелхьардовлу олхазарш санна,
кӀелхьардевлла вайн синош.
И речӀа хада а еш,
вай дӀасадевдда.
8 Везачу Элера ду вайна гӀо –
Иза стигалш а, латта а Кхоьллинарг ма ву.

## Делан халкъ маьршонехь хилар

124 [††] Делан цӀийне хьалаволучу новкъахь олу назма.
Везачу Элах тешаш верг Цийон-лам санна ву.
Иза меттах а бер бац, массо а ханна лаьттар а бу.
2 Лаьмнаша Ярушалаймана го баре терра,
Веза Эла Шен халкъана гонах ву,
хӀинца дуьйна массо тӀейогӀучу ханна.
3 Ӏесачу наха суьпачу нехан лаьтта тӀехь
куьйгалла дар даим дуьсур дац,
суьпачу нахе шайн куьйгаш
зулам дарна тӀе ца кховдадайтархьама.
4 Диканиг дехьа, Веза Эла, дикачарна –
цӀена дегнаш долуш болчарна.
5 Амма харц новкъа бевллачарна –
Везачу Эло таӀзар дойла
харцонаш лелочаьрца цхьаьна.
Исраилна тӀехь машар хуьлийла!

## КӀелхьардовлархь лаьцна доӀа

125 [‡] Делан цӀийне хьалаволучу новкъахь олу назма.
Везачу Эло Цийон юхаметтахӀоттийча,
тхо гӀенах лелаш санна дара.
2 Цу заманахь тхо синкъераме доьлуш дара,
тхан аьзнаш даккхийдерах дуьзна а дара.
Цу хенахь кхечу къаьмнашна юкъахь олуш дара:
«Оцу халкъан дуьхьа Везачу Эло сийлахь гӀуллакхаш дина!»
3 Сийлахь хӀуманаш Везачу Эло тхан дуьхьа дина,
цундела тхо сакъералуш дара.
4 КхидӀа а юхаметтахӀиттадехьа тхо, Веза Эла,
якъаеллачу аренгахь Ӏовраш хецар санна.
5 БӀаьрхишца латта дӀадийначо
самукъадаларца ялта хьоккхур ду.
6 Белхарца хӀу эцна кха тӀе воьдуш верг
самукъадаларца шен цӀевнаш дахьаш юхавоьрзур ву.

## Декъала ду Делан дика

126 [‡†] Делан цӀийне хьалаволучу новкъахь олу Сулим-паччахьан назма.
Нагахь цӀа Везачу Эло Ша дойтуш дацахь,
иза дечара эрна къахьоьгу,
нагахь Везачу Эло гӀала ларъеш яцахь,
гӀаролан сема хилар эрна ду.
2 Эрна ду шун хьалххе хьалагӀовттар а,
хан яллалц Ӏар а,
хьацарца даьккхина бепиг даар а.
И дерриг а Везачу Эло Шена везачунна ло, иза вижина Ӏуьллушехь [‡‡].
3 Бераш Везачу Элан тӀаьхье ю,
уьш Цо делла совгӀат ду.
4 ТӀемалочун карахь долу пхерчий санна бу
ден къоначу хенахь бина болу кӀентий.
5 Ирс долуш ву цаьрца шен Ӏад-ботт хьалаюьзнарг!
Иза юьхьӀаьржачу хӀуттур вац кевнехь ша мостагӀашца къамел дечу хенахь.

## Везачу Элах кхоьручарна хуьлу ял

127 [‡‡†] Делан цӀийне хьалаволучу новкъахь олу назма.
Ирс долуш ву, Делах а кхоьруш,
Цуьнан некъашца лелаш волу стаг!
2 Шен куьйган къинхьегамца даьккхинчух вахалур ву иза,
ирс долуш а, беркате а хир ву иза.
3 ТӀаккха цуьнан цӀа чуьра цуьнан зуда а хир ю,
стом луш йолу кемсийн таьлланг санна.
Оцу стага дӀадоьгӀначу *зайт-диттан* гаьннаш санна,
цуьнан бераш а хир ду цуьнан шуьнна гонах.
4 Иштта декъал хир ву
Везачу Элах кхоьруш волу стаг!
5 Цийон-лам тӀера [‡‡‡] Везачу Эло декъалвойла иза.
Ярушалайм-гӀалин заза даккхар гойла цунна
массо а цуьнан дахаран деношкахь.
6 Шен берийн бераш а гойла цунна.

---

† *Корта 123 (Грекийн) *– Ӏебархойн меттан тептар тӀехь: *124.** †† *Корта 124 (Грекийн) *– Ӏебархойн меттан тептар тӀехь: *125.** ‡ *Корта 125 (Грекийн) *– Ӏебархойн меттан тептар тӀехь: *126.**

‡† *Корта 126 (Грекийн) *– Ӏебархойн меттан тептар тӀехь: *127.** ‡‡ *И дерриг а Везачу Эло Шена везачунна ло, и вижина Ӏуьллушехь *– Грекийн маттера гочдар: *цу хенахь Шена везачунна Везачу Эло наб ло.** ‡‡† *Корта 127 (Грекийн) *– Ӏебархойн меттан тептар тӀехь: *128.** ‡‡‡ *Цийон-лам *– иза шена тӀехь Ярушалайм-гӀала дӀахӀоттийна болу жуьгтийн сийлахь-беза лам бу.**

Машар лаьттийла Исраил-махкахь!

## Исраилхойн мостагӀашна дуьхьал долу доӀа

128 † Делан цӀийне хьалаволучу новкъахь олу назма.
«Жима волуш дуьйна дукха хьийзийна со, –
дӀаолийла Исраилан халкъо. –
2 Жима волуш дуьйна дукха хьийзийна со,
амма суна тӀехь толам ца баьккхина.
3 Сан букъа тӀехь охана дина,
ахархоша деха хершнаш даьхна.
4 Амма Веза Эла нийсо лелориг ву:
Ӏесачеран лоллера Цо со паргӀатваьккхира».
5 Эхь а хетта, юхабовлийла
Цийон-лам тӀехь лаьтташ долу
*Делан цӀа* ца дезаш болу берриш а!
6 Схьаяккхале якъалуш йолу
тхов тӀера буц санна хуьлда уьш.
7 Цу бецах маьрсахочо буй бузур бац,
ткъа цӀов боьхкуш волчо – шен кана.
8 Уллохула тӀехбовлучара эр дац:
«Везачу Элан декъалдар шуна тӀехь хуьлийла!
Везачу Элан цӀарца оха декъалдо шу!»

## ГӀо дар доьху доӀа

129 †† Делан цӀийне хьалаволучу новкъахь олу назма.
КӀоргенера кхойкху ас Хьоьга, Веза Эла.
2 Веза Эла! ДӀахазахьа сан аз.
Суна къинхетам баран дехаре
ладугӀуш хуьлийла Хьан лергаш.
3 Нагахь Ахь, Веза Эла,
къинош дӀаяздеш хилча,
ва Хьалдолу Эла,
мила латталур ву те?
4 Амма нахана гечдийриг Хьо волу дела,
Хьуна хьалха тхо ларамах дуьзна лаьтта.
5 Везачу Эле хьоьжуш ву со
сан са Цуьнга хьоьжуш ду.
Цуьнан дашах тешна ву со.
6 Сан са Везачу Эле хьоьжу,
ха деш берш Ӏуьйрене хьоьжучул сов,
уьш Ӏуьйре тӀеккхачаре хьоьжучул сов.
7 Ва Исраилан халкъ, Везачу Элах дегайовхо
йолуш хуьлийла хьо,
хӀунда аьлча Везачу Элехь хедар боцу безам бу,
Иза массо а хенахь нах паргӀатбаха лууш ву.
8 ‡Массо а ша летийначу къинойх
Исраилан халкъ Цо паргӀатдоккхур ма ду.

## Тешаран доӀа

130 ‡† Делан цӀийне хьалаволучу новкъахь олу Даудан назма.

Веза Эла! Куралла яц сан даг чохь,
дегаллица сан бӀаьргаш ца хьоьжу.
Ас гӀайгӀа ца бо сийлахьчу хӀуманийн а,
со кхетачу тӀех халачу хӀуманийн а.
2 Мелхо а, сайн са ас тийна а, синтеме а дина,
ненан неккхах дӀадаьккхина бер санна.
Суна чохь долу са хӀинца синтеме ду,
ненан неккхах дӀадаьккхина бер санна.
3 Ва Исраилан халкъ, Везачу Элах дегайовхо
йолуш хуьлийла хьо
хӀинца дуьйна тӀейогӀу йолчу массо а хенахь.

## Делан цӀийнан сийдар

131 ‡‡ Делан цӀийне хьалаволучу новкъахь олу назма.
Дагаваийтахьа, Веза Эла,
Дауд а, цуьнан холчу хӀиттар а,
2 цо Везачу Элана чӀагӀо яр а,
Якъубан Нуьцкъалчунна *ваӀда* дар а:
3 «Сайн цӀийнан тхевнна кӀел гӀур вац со,
со Ӏуьллучу метта хьалавер вац со,
4 сайн бӀаьргашка наб йойтур яц ас,
сайн бӀаьргийн негӀарш а тӀеттӀа дохуьйтур дац,
5 Везачу Элана меттиг суна караяллалц,
Якъубан Нуьцкъалчунна хӀусам хиллалц».
6 ‡‡†Эпратехь тхо хиллачу хенахь
Делан тӀорказ мичахь ду тхуна хезна,
ЯӀаран аренашкахь тхуна карийна иза.
7 Цуьнан хӀусаме а дахана,
Цуьнан когийн кӀелонна
хьалха суждане гӀур ду вай.
8 Веза Эла, Хьо Ӏаш волчу метте дӀахӀоттахьа,
Хьо а, Хьан олаллин тӀорказ а.
9 Хьан динан дай нийсо тӀеюьйхина хуьлийла.
Хьан долахь берш хазахетарца баккхийбойла.
10 Хьайн ялхо волчу Даудан дуьхьа Хьайн юьхь
Айхьа къобалвинчунна тӀера дӀа ма ерзаехьа.
11 ‡‡‡Везачу Эло чӀагӀо йина Даудана,
Ша юхавер воцу ваӀда дина Цо:
«Хьан тӀаьхьенах волчу стагана лур ю Аса
ахь динчу тайпана паччахьалла дар.
12 Нагахь хьан кӀенташа Сан барт а,
Ас царна ло бакъонаш а ларъяхь,
церан кӀенташа а гуттар а
ахь динчу тайпана паччахьалла дийр ду».
13 ХӀунда аьлча Везачу Эло Цийон хаьржина,
цунах Шен хӀусам ян лиъна Цунна.
14 «Иза гуттаренна а Со Ӏийр волу меттиг ю,
кхузара Аса паччахьалла дийр ду,
хӀунда аьлча и меттиг Суна езна.
15 Цуьнан сурсаташ Ас чӀогӀа декъалдийр ду,
цуьнан мисканаш кхачанах бузор бу.
16 Цуьнан динан дайшна *кӀелхьардовлар* тӀедухур
ду Ас.

*† Корта 128 (Грекийн) *– Ӏебархойн меттан тептар тӀехь: *129.* †† Корта 129 (Грекийн) *– Ӏебархойн меттан тептар тӀехь: *130.* ‡ 129:8 Маттай 1:21; Тите 2:14. ‡† Корта 130 (Грекийн) *– Ӏебархойн меттан тептар тӀехь: *131.**

*‡‡ Корта 131 (Грекийн) *– Ӏебархойн меттан тептар тӀехь: *132.* ‡‡† 131:6-10 2 Шерашкахь 6:41, 42. ‡‡‡ 131:11 Дауд 7:12-16; 1 Шерашкахь 17:11-14; Забур 88:4, 5; Векалийн 2:30.*

Цигара болу Далла тешаменаш хазахетарца баккхийбийр бу.
17 †Цигахь Даудан цIа Аса сийлахь хуьлуьйтур ду,
Айса къобалвинчунна стогар дIахIоттор бу.
18 Цуьнан мостагIий Аса юьхьIаьржачу хIиттор бу,
ткъа цуьнан коьрта тIехь цуьнан *таж* лепар ду».

## Барт болу дахар

132 †† Делан цIийне хьалаволучу новкъахь олу Даудан назма.
Мел дика а, тамехь а ду
динан вежаршна бертахь цхьаьна баха!
2 Коьрта тIе а доьттина, АхIаронан можа тIехула,
цуьнан бедарийн йистошка охьаоьху деза даьтта санна ду иза.
3 Цийон-лаьмнаш тIе дуьллу Хьермон-ломан тхи санна ду иза.
Цигахь делла халкъана Везачу Эло
Шен декъалдар: хедар доцу дахар.

## Везачу Элана хастам баре кхайкхар

133 ‡ Делан цIийне хьалаволучу новкъахь олу Даудан назма.
Дуьло, Везачу Элана хастамаш бейша, Везачу Элан массо а ялхой,
буьйсанна Везачу Элан цIийнан кертахь Цунна гIуллакхаш деш болу.
2 Делан цIийне куьйгаш а кховдадай,
Везачу Элана хастамаш бейша.
3 Стигалш а, латта а кхоьллинчу Везачу Эло
Цийон-лам тIера хьо декъалвойла!

## Хастаман назма

134 ‡† Везачу Элана бу хастам!
Хастаейша Везачу Элан цIе,
хастаейша иза, Везачу Элан ялхой,
2 Везачу Элан цIенна уллохь гIуллакх деш болу,
вайн Делан цIийнан керташкахь лаьтташ болу.
3 Хаставейша Веза Эла, хIунда аьлча Веза Эла дика ву.
Цуьнан цIарна эшарш лакхийша, хIунда аьлча иза дагна тамехь ду.
4 Везачу Эло Шена Якъубан тIаьхье хаьржина,
Исраилан халкъ Цо Шен дола даьккхина.
5 Суна хиъна Веза Эла сийлахь вуйла,
вайн Веза Эла массо а деланел лакхара вуйла.
6 Везачу Эло Шена луъург до
стигалшкахь а, лаьтта тIехь а,
хIордашкахь а, массо а хин кIоргенашкахь а.
7 Цо дуьненан йистошкара мархаш гIиттайо,
догIа догIуш стелахаьштигаш тухуьйту,
Шен хIума дIаюьллучу меттера мох арабоккху.
8 Мисар-махкара хьалха дуьнен чу девлларш хIаллакдина Цо –
хьалха дуьнен чу бевлла кIентий а, хьалха хилла дийнаташ а.
9 Хьо болчохь, Мисар-мохк, Цо
тамашийна билгалонаш а гайтина,
инзаре хIуманаш пирIунна а,
массо а цунна уллорачарна а тIехецна.
10 Цо дуккха а къаьмнаш эшийна,
андий паччахьаш хIаллакбина:
11 эмархойн паччахь Сихьон а,
Башанан паччахь IовгIа а,
канаIанхойн массо а паччахьаш а.
12 Церан латта Шен халкъана, исраилхошна,
тIаьхьалонна дIаделла Цо.
13 Веза Эла, Хьан цIе гуттаренна ю.
Веза Эла, Хьо тIаьхьенашкара тIаьхьенийн а дагахь ву.
14 ХIунда аьлча Везачу Эло Шен халкъ бехказадоккхур ду,
Шена гIуллакх дечарах Цо къинхетам бийр бу.
15 ‡‡Кхечу къаьмнийн деланаш детих а, деших а бина бу,
уьш адамийн куьйгашца бина болу цIуш бу.
16 Церан батош ю, амма цара къамел ца до,
церан бIаьргаш бу, амма царна хIумма а ца го.
17 Церан лергаш ду, амма царна ца хеза,
хIо дац церан батошкахь.
18 Царах терра хир бу уьш беш берш а,
царах тешна Iаш верг муьлхха а.
19 Исраилан халкъ! Хаставе Веза Эла.
АхIаронан тIаьхье! Хаставе Веза Эла.
20 Левин тIаьхье! Хаставе Веза Эла.
Везачу Элана хьалха ларамах дуьзнарш!
Хаставе Веза Эла.
21 Цийон-лома тIера хаставе Веза Эла,
Ярушалаймехь Iаш волу Веза Эла!
Везачу Элана бу хастам!

## Баркаллин назма

135 ‡‡† ‡‡‡ Баркалла ала Везачу Элана, Иза дика хиларна.
Цуьнан хедар боцу безам абаденналц бу.
2 Баркалла ала деланийн Далла –
Цуьнан хедар боцу безам абаденналц бу.
3 Баркалла ала олалла дечеран Везачу Элана –
Цуьнан хедар боцу безам абаденналц бу.
4 Баркалла ала Ша инзаре Iаламаташ Дечунна –
Цуьнан хедар боцу безам абаденналц бу.
5 §Баркалла ала хьекъалца стигалш Кхоьллинчунна –
Цуьнан хедар боцу безам абаденналц бу.

---

† *131:17 Сулим 11:36.* †† *Корта 132 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *133.** ‡ *Корта 133 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *134.** ‡† *Корта 134 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *135.**

‡‡ *134:15-18 Забур 113:12-16; Довзийтинарг 9:20.* ‡‡† *135:1 1 Шерашкахь 16:34; 2 Шерашкахь 5:13; 7:3; Iезар 3:11; Забур 99:5; 105:1; 106:1; 117:1; Ярми-ЯхIу 33:11.* ‡‡‡ *Корта 135 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *136.** § *135:5 Доладалар 1:1.*

6 †Баркалла ала Хишна тIехь латта ЧIагIдинчунна –
Цуьнан хедар боцу безам абаденналц бу.
7 ††Баркалла ала ши коьрта серло Кхоьллинчунна:
(Цуьнан хедар боцу безам абаденналц бу.)
8 царах малх дийнан Iуналла а деш,
(Цуьнан хедар боцу безам абаденналц бу.)
9 бутт а, седарчий а буьйсанан Iуналла а деш –
Цуьнан хедар боцу безам абаденналц бу.
10 ‡Баркалла ала мисархойн хьалха дуьнен чу девлларш ХIаллакдинчунна –
Цуьнан хедар боцу безам абаденналц бу.
11 ‡†Баркалла ала Исраилан халкъ Мисар-махкара Арадаьккхинчунна
(Цуьнан хедар боцу безам абаденналц бу)
12 нуьцкъалчу куьйгаца а, тIекховдийначу пхьаьрсаца а –
Цуьнан хедар боцу безам абаденналц бу.
13 ‡‡Баркалла ала Эрзийн хIорд Бекъначунна –
Цуьнан хедар боцу безам абаденналц бу.
14 Баркалла ала Исраилан халкъ цу юккъехула Чекхдаьккхинчунна –
Цуьнан хедар боцу безам абаденналц бу.
15 Баркалла ала пирIун а, цуьнан эскар а Эрзийн хIордана чу Кхоьссинчунна –
Цуьнан хедар боцу безам абаденналц бу.
16 Баркалла ала Шен халкъ яьссачу арахула Чекхдаьккхинчунна –
Цуьнан хедар боцу безам абаденналц бу.
17 Баркалла ала сийлахь паччахьаш Эшийначунна –
Цуьнан хедар боцу безам абаденналц бу.
18 Баркалла ала онда паччахьаш Байинчунна:
– Цуьнан хедар боцу безам абаденналц бу.
19 ‡‡†Эмархойн паччахь Сихьон а, –
Цуьнан хедар боцу безам абаденналц бу.
20 ‡‡‡Башанан паччахь IовгIа а –
Цуьнан хедар боцу безам абаденналц бу.
21 Баркалла ала церан латтанаш Схьаделлачунна –
Цуьнан хедар боцу безам абаденналц бу.
22 Баркалла ала Шен ялхочунна, Исраилан халкъана, уьш Схьакхачийначунна –
Цуьнан хедар боцу безам абаденналц бу.
23 Баркалла ала вай эшийна хиллачу хенахь вай Дагадаьхкинчунна –
Цуьнан хедар боцу безам абаденналц бу.
24 Баркалла ала вай вешан мостагIех КIелхьардаьхначунна –
Цуьнан хедар боцу безам абаденналц бу.
25 Баркалла ала муьлххачу а садолчу хIуманна кхача Лучунна –
Цуьнан хедар боцу безам абаденналц бу.
26 Баркалла ала стигалийн Далла –
Цуьнан хедар боцу безам абаденналц бу!

† 135:6 *Доладалар 1:2.* †† *135:7-9 Доладалар 1:16.* ‡ *135:10 Арадаккхар 12:29.* ‡† *135:11 Арадаккхар 12:51.* ‡‡ *135:13-15 Арадаккхар 14:21-29.* ‡‡† *135:19 Лелар 21:21-30.* ‡‡‡ *135:20 Лелар 21:31-35.*

### Йийсарехь болчу исраилхойн белхар

136 § Бавелан хишна юххе тхо ховшура,
цигахь тхо делха а доьлхура,
Цийонна хилларг дага а лоьцуш.
2 Тхайн дечиг-пондарш
дак-дитта тIе хьалаоьхкина оха.
3 Тхо йийсаре дигинчара тхоьга эшарш лакха бохура,
тхуна ницкъ бечара шайн самукъадаккха бохура:
«Лакхал тхуна Цийонера эшарех цхьаъ!»
4 Хийрачу махкахь а долуш,
оха муха локхур ю
Везачу Элан эшар?
5 Нагахь суна хьо йицлахь, Ярушалайм,
сан аьтту куьйгана муха лакха еза дицлойла.
6 Сан мотт багарчу стигалх дIалетийла,
нагахь суна хьо дагахь ца хилахь,
нагахь ас Ярушалайм сайн самукъадаларан коьрте ца хIоттаяхь.
7 Ва Веза Эла, дагадаийтахьа эдомхоша
Ярушалайм эшийначу дийнахь динарг.
Дагадаийтахьа цара иштта кхойкхуш хилар:
«Йохае и гIала! Йохае иза буха тIе кхаччалц!»
8 §†Бавелан йоI, хIаллакьян ва леринарг!
Ирсе ву ахьа тхуна динчунна
хьуна бекхам эцнарг!
9 Ирсе ву хьан бераш, схьа а эцна,
тIулгех детташ, хIаллакдинарг!

### Далла хастам беш дина доIа

137 §†† Даудан назма.
Веза Эла! Доллучу даггара хастам бо ас Хьуна!
Стигалийн гуламна хьалха хастаме назманаш олу ас Хьуна!
2 Хьан деза цIа долчухьа охьатаьIа со!
Хьан хедар боцучу безаман дуьхьа а,
Хьо тешаме хиларан дуьхьа а
хастам бо ас Хьуна,
хIунда аьлча адамаша Хьан йоккхучу муьлххачу цIарал а,
лакхадаьккхина Ахь Хьайн дешан сий.
3 Аса Хьайга кхойкхучу дийнахь жоп делира Ахь,
ницкъ а белла, сан са чIагIдира Ахь.
4 Хьан багара долу дешнаш дIахезча, Веза Эла,
Хьуна хастамаш бийр бу лаьттарчу массо а паччахьаша.
5 Хьан некъашна, Веза Эла, иллеш эр ду цара,
хIунда аьлча доккха ду Хьан сийлалла.
6 Хьо лакхахь велахь а, Веза Эла,
лахахь верг а го Хьуна.
Кура верг а геннара вевза Хьуна.
7 Нагахь со баланехь хилахь а, Ахь денвийр ву со.

§ *Корта 136 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *137.** §† *136:8 Довзийтинарг 18:6.* §†† *Корта 137 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *138.**

Сан мостагӀийн дераллина Хьайн куьг а тӀехьур
ду Ахь.
Хьан аьтту куьйго кӀелхьар а воккхур ву со.
8 Лохьа суна, Веза Эла, Айхьа лур ду аьлларг,
Хьан безаман доза ма дац.
Хьайн куьйго кхоьллинарг ма дитахьа, Веза Эла!

### Делан дуьззина долу хаарш а, Цо бо тергам а

138 † Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга:
Даудан назма.
Веза Эла! Ахь со зе а зийна,
Хьуна сох лаьцна дерг дерриг а хаьа.
2 Со маца охьахоу а, со маца хьалагӀотту а хаьа
Хьуна.
Сан ойланаш а евза Хьуна геннара а.
3 Со новкъахула вогӀуш велахь а, я вижина
Ӏуьллуш велахь а, уллохь хуьлу Хьо суна.
Со лела массо некъаш а девзаш ду Хьуна.
4 Меттан буьххьехь долу сан дош а, ас багах а
даккхале,
ма-дарра девза Хьуна, Веза Эла.
5 Хьалхахь а, тӀехьахь а, суна массо а агӀор а ву
Хьо,
Хьайн куьг а латтадо Ахь суна тӀехь даим.
6 Ма инзаре тамашийна ду Хьуна сох хууш мел
дерг.
И дерриге а довза сан ницкъ ца кхаччал лекха ду-
кх иза.
7 Хьан Синах а къаьстина, стенга вер вара со?
Хьан юьхь-дуьхьлара а стенга водур вара со?
8 Со стигала хьалаваьлча – цигахь а Хьо ма ву.
Эхарте со кхаьчча – цигахь а Хьо ма ву.
9 Нагахь Ӏуьйренан зӀаьнарийн тӀемаш тӀехь со
хьалаваьлча а,
я, хӀордан дехьа йисте а ваьлла, малхбузехь со
хилча а,
10 цигахь а Хьайн куьйгаца лелаво Ахь со,
Хьайн аьтту куьг а кхийдадо Ахь соьга.
11 Нагахь: «Бодано хьулвойла со»,
я: «Суна гонах йолчу серлонах бода хуьлийла», –
ас аьлча а,
12 Ӏаьржачу бодано дӀахьулвийр вац со Хьох.
Хьуна-м Ӏаьржа бода а сирла серло санна бу.
13 ХӀунда аьлча, Веза Эла, суна чохь мел долу хӀума
а Ахь кхоьллина ма ду.
Ахь со, вовшах а тесна, сан ненан кийрахь
кхоьллина ма ву.
14 Ас хастам бо Хьуна, инзаре тамашийна Ахь со
кхолларна.
Хьан гӀуллакхаш тамашийна ду.
Сан синна иза чӀогӀа дика хаьа.
15 Хьох къайлла ца делира сан даьӀахкийн хӀоттар,
со къайлаха, лаьттан кийрахь волуш санна,
кхоллалуш.
16 Хьан бӀаьргашна гуш ма вара со дуьнен чу а
валале.
Хьан тептар тӀехь дӀаяздина ду
Ахь суна билгалдаьхна долу дерриг а сан дахаран
денош,
уьш цхьа а дола а далале.
17 Мел еза ю суна, Дела, ерриг а Хьан ойланаш,
мел дукха а ю-кха уьш!
18 Уьш дерриг дагардан со воьлча, уьш гӀамарел а
совдевр ду.
Ткъа набарх самаваьлча, со Хьоьца караво суна.
19 Ва Дела, харцонаш лелош берш Ахь
хӀаллакбахьара!
ЦӀий Ӏанор дезаш дерш, суна уллора шу дӀадовла!
20 Сийсаза хабарш дуьйцу цара Хьуна дуьхьал.
Хьан мостагӀаша Хьуна дуьхьал эрна хӀуманаш
дуьйцу.
21 Веза Эла, Хьоьца мостагӀалла дерш ца безаш
хир вац ткъа со?
Хьуна дуьхьал болчех дог дер дац ткъа сан?
22 Боккха цабезам бу сан цаьрга.
Уьш мостагӀий а бу сан.
23 Таллахьа Ахь со, Дела, сан дог а довзахьа.
Зехьа Ахь со, Дела, сан ойланаш а йовзахьа.
24 Со харц некъа тӀе ваьллий толлуш, соьга Хьо
схьахьажахьа.
Хедар боцучу дахаран некъа тӀе Ахьа со
ваккхахьа.

### Ӏесачу нахах лардарх долу дехар

139 †† Эшарш локхучу тобанан куьйгалхочуьнга:
Даудан назма.
2 Веза Эла, кӀелхьарваккхахьа со вочу нахах,
ницкъ бечу адамех ларвехьа со.
3 Шайн дегнашкахь уьш вон ойланаш еш бу,
дерриг а дийнахь уьш девнаш дохуш бу.
4 ‡Лаьхьанан мотт санна, ирбо цара шайн мотт.
Лаьхьарчийн дӀовш ду церан багахь.
5 Ларвехьа со, Веза Эла, Ӏесачу нехан куьйгах.
Сан когаш тасабалийта гӀерташ болчу
ницкъ бечарах Ӏалашвехьа со.
6 Курачара суна гураш а, речӀанаш а хӀиттийна,
новкъа тӀе бой а тесна цара,
со лаца хӀуманаш охьаехкина.
7 Ас олу Везачу Эле: «Хьо сан Дела ву!
Веза Эла, дӀахазахьа сан доӀанаш!»
8 Ва сан Хьалдолу Эла, сан кӀелхьарваларан ницкъ,
тӀом бечу дийнахь сан корта Ахь Ӏалаш ма бина!
9 Веза Эла, Ӏесачунна луург ма хилийтахьа,
цуьнан вон ойланаш кхочуш ма хилийтахьа,
уьш кура ца бовлийтархьама.
10 Суна гонах болчеран коьрта тӀе дужийла
церан багара долуш долу вониг.
11 Догуш долу кӀегий оьгийла царна тӀе,
цӀерга кхуьссийла уьш,
кӀоргачу Ӏин чу оьгийла уьш,
кхин хьала а ца бовлуш.
12 Вон мотт берш махкахь чӀагӀбина ма хуьлийла.

† Корта 138 (Грекийн) *– Ӏебархойн меттан тептар тӀехь:
*139.*

†† Корта 139 (Грекийн) *– Ӏебархойн меттан тептар тӀехь:
*140.* ‡ 139:4 Римхошка 3:13.

Ницкъ берш, бохам а бина, хIаллакбина хуьлийла.
13 Суна хаьа, Везачу Эло гIело хьоьгучеран
къовсам а къастор бу, пекъарна нийсо а хуьлуьйтур юйла.
14 Хьан лаамехь болчара Хьан цIе хастор ю,
цIена берш Хьуна хьалха бехаш хир бу.

### Суьйренан доIа

140 † Даудан назма.
Веза Эла! Хьоьга кхойкху ас, сихлохьа суна тIекхача,
ас Хьайга кхойкхучу хенахь, сан озе ладогIахьа.
2 †† *Хаза хьожа йогIу хIума* санна, сан доIа Хьуна хьалха хуьлийла,
куьйгаш аса айар Хьуна доккху суьйренан сагIа санна хуьлийла.
3 Веза Эла, сан бете ха хIоттадехьа,
сан балдийн неIарехь гIарол дехьа.
4 Вониг даран ойланаш ма яхкийтахьа сан даг чу,
харцонаш лелочу адамашца цхьаьна
зуламе гIуллакхаш дарх генаваккхахьа со.
Церан тойнашкахь ма хилийтахьа со.
5 Дикачу стага суна таIзар дойла – иза безам хиларца ду.
Цо со нисвойла – сан коьртана долу даьтта иза ду.
Сан корта цунах дIа ма къаьхкийла!
Ткъа сан доIанаш гуттар а Iесачеран зуламна дуьхьал ду.
6 Церан тхьамданаш тархашна тIера чукхуьссучу хенахь,
нахана хуур ду сан дешнаш бакъ дуйла.
7 Цхьаммо латта охуш а, доькъуш а санна,
вайн даьIахкаш а дIасакхиссина ю,
эхартан баганна уллохь а Iохкуш.
8 Амма, сан Хьалдолу Эла, Хьуна тIе хьажийна бу сан бIаьргаш.
Хьоьгахула со ларвеш ву, дIа ма тасалахь сан са!
9 Суна йоьгIначу речIанех а,
харцонаш лелочеран гурех а ларвехьа со.
10 Iеса нах шайн речIанаша лоьцийла,
ткъа со маьрша дехьаволийла.

### ГIо дехарх долу доIа

141 ‡ Даудан хьехаме назма. Хьехахь волуш цо дина доIа.
Аз хозуьйтуш, Везачу Эле кхойкху со,
аз хозуьйтуш, Цуьнга доIа до ас.
2 Сайн латкъам ас Цуьнга балхабо,
Сайн гIайгIа ас Цунна йовзуьйту.
3 Сан са кхачочу хенахь
Хьуна сан некъ бевза.
Со лелачу новкъахь
мостагIаша къайлаха суна гур боьгIнера.
4 Со аьтту агIор хьожу,
амма массара а со цаларар го суна.
Сан тIетевжийла дIаяьлла,
сан синан гIайгIа беш цхьа а вац.
5 Со Хьоьга кхайкхира, Веза Эла,
ас элира: «Сан чIагIонан меттиг а,
дийначийн лаьтта тIера сан дакъа а Хьо ду».
6 ДIахазахьа сан тийжам,
гIора кхачийна-кх сан.
Сайн мостагIех кIелхьарваккхахьа со,
сол нуьцкъала бу-кх уьш.
7 Боданера сан са арадаккхахьа,
Хьайн цIе соьга язъяйта.
Суна гонах Делан лаамехь берш гуллур бу,
Ахь Хьайн дика болх суна бина дела.

### ГIо доьхуш долу доIа

142 ‡† Даудан назма.
Веза Эла! ДIахазахьа сан доIа!
Хьо тешаме хиларна ладогIахьа сан дехаре!
Ахь нийсо лелорна жоп лохьа суна!
2 ‡‡Хьайн лай волу со кхеле ма вигалахь, хIунда аьлча
дуьнен чохь вехарг цхьа а Хьуна хьалха бакъ вац.
3 МостагIа ву суна тIаьхьаваьлла,
цо лаьттаца дIашарвина со.
Боданехь Iойту цо со,
дуккха а хьалха белларш санна.
4 Суна чохь долу са эшна ду,
сан дог шелделла ду.
5 Суна дагадогIу дIаихна денош,
Хьан массо а гIуллакхех ойла йо ас,
Хьан куьйгаша динарг дагалоцу ас.
6 Хьоьга сайн куьйгаш кховдадо ас,
хьагделла латта санна, Хьоьга сатесна ду сан са.
7 Жоп лохьа суна хIинцца, Веза Эла!
Сан са кхачош ду.
Хьайн юьхь сох къайлла ма яккхахьа,
коша чу боьлхучарах со тар ца валийта.
8 Iуьйранна Хьайн безамах дерг хазийтахьа суна,
хIунда аьлча Хьох тешна Iаш ву со.
Со дIаваха веза некъ гайтахьа суна,
хIунда аьлча сан са Хьоьга сатуьйсуш ду.
9 Веза Эла, сан мостагIех кIелхьарваккхахьа со!
Хьоьга лар ма войту аса со.
10 Хьо сан Дела хиларна, Хьайн лаам кхочушбан Iамавехьа со.
Хьан дикачу Сино шерачу лаьтта тIехула вуьгийла со.
11 Хьайн цIеран дуьхьа, Веза Эла, сан дахар кхоадехьа.
Айхьа нийсо лелорна, баланах хьалхардаккхахьа сан са.
12 Хьайн соьга болчу хедар боцучу безамца
сан мостагIий хIаллакбехьа,

† *Корта 140 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *141.** †† *140:2 Довзийтинарг 5:8.* ‡ *Корта 141 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *142.**

‡† *Корта 142 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *143.** ‡‡ *142:2 Римхошка 3:20; Галатахошка 2:16.*

сан синна ницкъ бийраш дакъазабахахьа,
хIунда аьлча со – Хьан ялхо ву.

## Паччахьан доIа

143 † Даудан назма.
Декъала ву Веза Эла, Иза сан *тарх* ю.
Цо тIамана кечвина со,
сан куьйгаш лата Iамийна.
2 Суна тешаме Верг, сан ГIап,
сан къайлаволу Меттиг, со КIелхьарвоккхург,
сан *турс* – сан Цунах дегайовхо ю.
Цо сан куьйга кIел даладо сан халкъ.
3 ††Веза Эла! Мила ву стаг, Ахь цуьнан гIайгIа бан,
*адамийн кIант* тергал хIунда во Ахьа?
4 Адам хьоькхучу махах тера ду,
цуьнан дахар а дацлуш долу IиндагI ду.
5 Веза Эла! Хьайн стигалш дIаса а таттий, чувоссахьа.
Лаьмнех хьакхалохьа, тIаккха цара кIур тосур бу.
6 Стелахаьштиг тохий, мостагIий дIасакхиссахьа,
Хьайн пхерчий а тохий, лахкахьа уьш.
7 Лакхара Хьайн куьг а кховдадай,
буьрсачу хих а, хийрачу махкара болчу нехан карара а кIелхьарваккхахьа со.
8 Церан баганаша даьссаниг дуьйцу,
стаг Iехош ду церан куьйгаш.
9 Дела! Итт мерз болчу пондар тIехь
керла йиш локхур ю ас Хьуна,
10 паччахьашна толам лучу Хьуна,
Хьайн лай Дауд дерачу туьрах кIелхьарвоккхучу Хьуна.
11 Хийрачу махкара болчу нехан карара кIелхьарваккхахьа со.
Церан баганаша даьссаниг дуьйцу,
стаг Iехош ду церан куьйгаш.
12 Ондачу диттех тера хуьлда вайн кIентий,
паччахьан цIа чохь кечдинчу бIогIамех тера хуьлда вайн мехкарий.
13 Ялта Iалашдеш йолу чоьнаш мел долчу беркатах юьзна хуьлда вайн,
дежийлашкахь эзарнаш уьстагIий дебийла вайн.
14 Хьийкъина хуьлда вайн стерчий.
Тхуна тIелатар ма хуьлда,
цхьа а йийсаре а ма вуьгийла.
Вайн урамашкахь белхар ма хуьлда.
15 Ирс долуш ду и дерриг а долу халкъ.
Ирс долуш ду Веза Эла Дела волу халкъ.

## Хастаман абат

144 ‡ Даудан хастаман назма.
*А* с ‡† хастор ву Хьо, сан Паччахь волу Дела.
Хьан цIе декъалйийр ю ас массо а хенахь.
2 *Б* илггал, хIора дийнахь Хьо декъал а веш,
Хьан цIе хестор ю ас ерриге а тIейогIучу хенахь.
3 *В* еза Эла сийлахь ву, Иза хасто хьакъ ву,
Цуьнан сийлаллех дерг хуур дац.
4 *Г* уттар а тIаьхьено тIаьхьенна Хьан гIуллакхаш а хестор ду,
цара Хьан ницкъах лаьцна а дуьйцур ду.
5 *Д* уьйцур ду аса Хьан доккхачу сийлаллин барамах.
Хьан инзаречу гIуллакхех лаьцна ойла йийр ю ас.
6 *Е* рриге а тIейогIучу хенахь Хьан инзаречу гIуллакхийн нуьцкъалаллех дуьйцур ду наха,
ткъа ас Хьо сийлахь хилар кхайкхор ду.
7 *З* урма а локхуш, Хьан нийсо хастор ю,
Хьан сийлахьа дикалла а ойур ю цара.
8 *И* штта дика ойла йолуш а, къинхетаме а ву Веза Эла,
атта оьгIаз а ца воьдуш, боккха безам а болуш.
9 *К* ъинхетаме ву Веза Эла дерриге а Ша кхоьллинчуьнца.
Массаьрца а дика ву Иза.
10 *Л* аьттара Ахьа мел кхоьллинчо хеставо Хьо, Веза Эла,
Хьуна тешамечу наха декъалво Хьо.
11 *М* ел дукха дуьйцур ду цара Хьан нуьцкъалаллех лаьцна,
Хьан паччахьаллин сийлаллех лаьцна а кхайкхор ду цара,
12 *Н* ахана массарна а Хьан ницкъ а,
Хьан паччахьаллин сийлалла а довзийта.
13 *О* лалла Хьан хедар доцу олалла ду,
Хьан паччахьалла тIаьхьенашкара тIаьхьенашка ду.
*П* айде ду Цуьнан массо а дешнех тешар.
Дерриге а Шен гIуллакхашкахь тешаме ву Иза.
14 *С* еттинарш гIиттабо Везачу Эло,
ткъа гIорасиза бисинчарна гIо до Цо.
15 *Т* ап-аьлла массеран а бIаьргаш Хьуна тIе хьажийна бу,
Ахь царна шен хеннахь кхача ло.
16 *У* ьш массо а вузаво Ахь,
Хьайн куьйгаш схьадиллича.
17 *Х* ьо массо а некъаш тIехь нийса ву, Веза Эла,
массо а гIуллакхаш тIехь безаме а ву.
18 *Ц* Iеначу даггара Шега кхойкхучарна,
массарна уллохь ву Веза Эла.
19 *Ч* IогIа ларам Шега болчеран лаам Цо кхочушбо,
церан мохь а хезий, уьш кIелхьарбоху.
20 *Ш* а везаш берш Iалашбо Везачу Эло,
ткъа харцо лелораш массо а хIаллакбо.
21 *I* аббалц ас Везачу Элана хастам бийр бу.
ХIораммо а Цуьнан еза цIе хестайойла массо а хенахь.

## Деле сатийсар

145 ‡‡ Хастам бу Везачу Элана!
Сан са, хаставе Веза Эла.

† Корта 143 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *144.* †† 143:3 Аюб 7:17, 18; Забур 8:5. ‡ Корта 144 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *145.* ‡† ХIара назма абатан кепехь ю. Хьовса: Забур 24.*

‡‡ *Корта 145 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *146.**

2 Со мел веха, Везачу Элана иллеш эр ду ас,
иштта сайн Далла хастамаш беш а хир ву со, айса хан мел йоккху.
3 Элех теший ма Iелаш,
адамах бIобулий ма хилалаш,
хьо кIелхьарваккха йиш ма яц церан.
4 Шена чуьра са дIадаьлча, стаг лаьтте воьрзу.
Цу дийнахь цуьнан дог-ойланаш а дIайовлу.
5 Ирс долуш ву шен гIоьнча Якъубан Дела верг,
шен Везачу Делах бIобулуш верг.
6 †Цу Дала кхоьллина стигал а, латта а,
хIорд а, царна чохь мел дерг а.
Цо гуттар а ларбо тешам,
7 халахетар хиллачарна гIо до,
мецачарна кхача ло.
Везачу Эло тутмакхаш мукъабоху,
8 Везачу Эло бIаьрзечарна са гойту,
Везачу Эло дахаран халонаша охьатаIийнарш дIанисбо,
Везачу Элана Делан лаамехь берш беза.
9 Везачу Эло тIебаьхкина нах Iалашбо,
буона а, йисна Iачунна а гIо до,
харцо лелош болчеран некъ бухахьабоккху.
10 Веза Эла гуттар а паччахьалла деш хир ву,
хьан Дела, ва Цийон, тIаьхьенашкара тIаьхьенашкахь Паччахь хир ву.
Везачу Элана хастам бе.

## Делан возаллех лаьцна назма

**146** †† Везачу Элана бу хастам!
ХIаъ, ма дика ду вайн Далла назма алар!
ХIаъ, ма тамехь а, оьзда а ду Иза хастор!
2 Веза Эла Ярушалайм дIахIоттош ву,
махках баьхна исраилхой схьагулбеш ву.
3 Дог доьхначарна дарба деш ву Иза,
церан чевнаш йоьхкуш ву.
4 Седарчийн дукхалла билгалйоккху Цо,
царна массарна а шайн цIераш ло Цо.
5 Сийлахь ву вайн Хьалдолу Эла,
Iаламат боккха бу Цуьнан ницкъ,
барам бац Цуьнан хьекъалан.
6 Шаьш лахара хеташ берш хьалаойу Везачу Эло,
ткъа Iесанаш лаьтта кхаччалц охьатаIабо.
7 Баркаллица Везачу Элана назманаш ала.
Вайн Далла дечиг-пондарш тIехь эшарш лакха.
8 Цо стигал мархашца дIакъовлу,
лаьттана догIа хуьлуьйту,
гунаш тIехь буц хьалайолуьйту.
9 Цо бежанашна кхача латтабо,
уьш кхайкхича, къийган кIорнешна а юург ло.
10 Гила-динан ницкъах дезар а ца оьцу Везачу Эло,
тIемалойн майраллех зовкх а ца хьоьгу Цо.
11 Мелхо а, Цунна хьалха ларамах буьзнарш а,
Цуьнан безаме сатуьйсурш а Цунна тамехь бу.

## Делан возалла хастор

**147** ‡ Хаставе, Ярушалайм, Веза Эла,
хаставе, Цийон, хьайн Дела,
2 хIунда аьлча Цо хьан кевнийн гIораш чIагIдо,
хьуна чуьра хьан халкъ декъалдо.
3 Хьан дозанашкахь машар а латтабо,
уггар тоьллачу кIенаца хьо Iаба а йо Цо.
4 Шен омра лаьтта тIе хьажадо Цо,
Цуьнан дош цига сиха доьду.
5 ЮргIа санна, ло охьадуьллу Цо,
чим санна, йис дIасакхуьссу.
6 ЖагIа санна йолу къора туху Цо.
Цуьнан шелонна дуьхьал мила латталур ву?
7 Цо Шен дош дахийтича, дерриг а дешна дIадер ду.
Цо мох тоьхча, хиш дIадуьйлалур ду.
8 Цо Шен дош Якъубан тIаьхьенна довзийтина,
Шен парзаш а, тIедехкинарш а – Исраилан халкъана.
9 И саннарг Цо кхечу халкъашна ца дина,
царна ца девза Цо тIедехкинарш.
Хастам бу Везачу Элана!

## Дерриг дуьнено а Везачу Элана хастамаш бойла

**148** Хастам бу Везачу Элана!
Хаставейша Веза Эла стигалшкара,
хаставейша Иза стигалан лакхенашкара.
2 Хаставейша Иза Цуьнан дерриге а маликаша,
хаставейша Иза Цуьнан дерриге а эскаро.
3 Хаставейша Иза малхо а, батто а,
хаставейша Иза дерриге а лепачу седарчаша а.
4 Хаставейша Иза уггар лекхачу стигалша а,
иштта хIаваан тIехула долчу хиша а.
5 Хастайойла цара Везачу Элан цIе, хIунда аьлча
Цо омра дира, ткъа уьш кхоллаелира.
6 Абаденналц уьш дIахIиттийна Цо.
Цкъа а дIадовр доцу парз дина Цо.
7 Хаставейша Веза Эла лаьттара хьала,
хIорда чуьра саьрмикаша а, хин массо а кIоргенаша а,
8 стелахаьштиго а, къорано а, лоно а, мархаша а,
Цуьнан дош кхочушдеш болчу чехкачу мохо а,
9 лаьмнаша а, массо гунаша а,
массо стом луш долчу дитташа а,
дерриге баганан дитташа а,
10 акхароша а, муьлххачу даьхнино а,
лаьттарчу текхаргаша а, тIемаш долчу олхазарша а,
11 лаьттарчу паччахьаша а, массо а къаьмнаша а,
элаша а, лаьттарчу массо а тхьамданаша а,
12 къонахоша а, йоIарша а,
баккхийчара а, бераша а.
13 Хастайойла цара Везачу Элан цIе, хIунда аьлча
Цуьнан цхьаннан цIе ю хьалаяьккхина,

---

† *145:6 Векалийн 4:24; 14:15.* †† *Корта 146 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *147:1-11.**

‡ *Корта 147 (Грекийн) *– Iебархойн меттан тептар тIехь: *147:12-20.**

Цуьнан сийлалла ю лаьттана а, стигалшна а тIехула.
14 Цо Шен халкъ, маIа санна, нуьцкъала хилийтира,
хастамаш бан бахьана хIоттийра Шена тешаме мел болчарна –
Шена уллора халкъ долчу исраилхошна.
Хастам бу Везачу Элана!

## Хастам баран йиш

149 Хастам бу Везачу Элана!
Лакха Везачу Элана керла эшар,
хастам бу Цунна тешаме болчеран гуламехь.
2 Исраилан халкъ шаьш Кхоьллинчух даккхийдеш хуьлийла.
Цийонан бахархой шайн Паччахьах баккхийбойла.
3 Хастайойла цара Цуьнан цIе, хелха а бовлуш,
локхийла цара Цунна эшарш, жиргIанаш а тухуш, дечиг-пондарш тIехь.
4 ХIунда аьлча Везачу Эло Шен халкъах дезар оьцу.
Мискачеран Цо сийдо уьш кIелхьарбахарца.
5 Далла тешаменаш оцу сийлаллех баккхийбойла,
шаьш бийшинчохь а уьш баккхийбойла.
6 Церан багахь Далла хастамаш хуьлийла,
ткъа церан карахь шина а агIор ира долу тур хуьлийла.
7 Кхечу халкъашна бекхам бархьама а,
къаьмнашна таIзар дархьама а хуьлийла иза.
8 Иштта церан паччахьаш, гIоьмеш а тоьхна, набахти чу бохкархьама а,
царна уллорачу хьалдолчу нахана буржалш тохархьама а хуьлийла иза.
9 Царна хьакъ доллу кхел ярхьама а хуьлийла иза.
Цунна тешаме болчу массарна а иза сийлаллина хир ду.
Хастам бу Везачу Элана!

## Хастамаш бе Везачу Элана

150 Хастам бу Везачу Элана!
Хастамаш бе Шен дезачу цIа чохь волчу Далла,
хастамаш бе Шен ондачу стигалшкахь волчу Цунна.
2 Хастамаш бе Цунна Цуьнан сийлахьчу гIуллакхийн дуьхьа,
хастамаш бе Цунна Цуьнан чIогIачу возаллин дуьхьа.
3 Хастамаш бе Цунна турбин озаца,
хастамаш бе Цунна тайп-тайпанчу мерз-пондаршца.
4 Хастамаш бе Цунна жиргIанашца а, хелхаршца а,
хастамаш бе Цунна дечиг-пондаршца а, шедагашца а.
5 Хастамаш бе Цунна шина а куьйгаца тIедетташ долчу негIаршца,
хастамаш бе Цунна зевнечу цIастанан негIаршца.
6 Хаставойла Веза Эла садаIар мел долчу хIумано.
Хастам бу Везачу Элана!

# Кицанаш

## Дешхьалхе

цIе йолу тептар – иза оьздангаллин а, динан хьехамийн а гуламан тептар ду, шена чохь хьекъале дийцарш а, кицанаш а долу. Оцу хьехамийн доккхачу декъехь хIора денна хуьлуш долчу хIуманех лаьцна дуьйцуш ду. Юьхьанца ешархочунна хIара дагадоуьйту: «Кхетам болуш хилархьама, адам уггар хьалха Везачу Эле ларамах дуьзна хила деза». Цул тIаьхьа тептар тIехь дуьйцу динан оьздангаллех а, адамашна юкъахь йолчу оьздангаллех а лаьцна. Исраилхойн хIетахьлерчу хьехамчаша доццачу, дуккха а долчу кицанашкахь гойту, хьекъалечу стага цхьа хIума хиллачул тIаьхьа хIун дан деза. Дуьйцуш ду доьзалийн юкъаметтигашца а, йохкаэцарца а йоьзна йолчу киртигех лаьцна. Цхьадолчу кицанаш тIехь адамийн юкъаметтигашца йоьзна йолчу оьздангаллех лаьцна дуьйцу, ткъа вукхарна тIехь – адамо шашен дола дан дезарх лаьцна. Царна тIехь дукхазза хьехадо ишттачу амалех лаьцна: ша кIезиг хетарх, собар хиларх, къенанаш ларарх, доттагIашна тешаме хиларх.

### Кицанийн мехалла

1 †ХIорш исраилхойн паччахь волчу Даудан
кIентан Сулим-паччахьан кицанаш ду.
2 Церан Iалашо ю адамаш хьекъалалле кхачийтар
а, уьш Iамийна хилийтар а, иштта уьш хьекъалечу
дешнех кхеташ хилийтар а. 3 Уьш яздина ду,
адамашна кхетам а, нийсо а, бакъдерг а,
догцIеналла а Iаморхьама. 4 Уьш яздина ду
боданечу нахана хьекъал далархьама а, ткъа
къоначийн дика-вон къасто таро хилийтархьама а.
5 Хьекъал дерг ладугIуш хуьлийла, шен хьекъал
совдоккхуш а хуьлийла, ткъа кхетам болу нах шайн
дахаран новкъахула дIабуьгуш хуьлийла. 6 ХIара
дешнаш яздина ду, кицанаш а, хьекъале дийцарш
а къастадайтархьама а, хьекъалчийн дешнех а,
церан хIетал-металех а кхетийтархьама а.

### Къоначарна бина хьехам

7 ††Кхетаме кхачархьама, адам уггар хьалха
Везачу Эле ларамах дуьзна хила деза. Амма
сонтачу адамаша дIатотту хьекъалалла а, шаьш
нисдар а. 8 ЛадогIа, сан кIант! Хьайн дас дечу
хьехаре ладогIа, нанас дина весеташ а дIа ма татта,
9 хIунда аьлча иза исбаьхьа *таж* ду хьан коьртана,
хьан коча охка хаза туьтеш а ду.
10 Сан кIант! Шайна тIехь къинош долчу наха хьо
шайна тIеозавахь, къар ма ло. 11 Цара хьоьга иштта
ала мега: «Вало тхоьца, цхьаннан цIий Iано
кIелховшур ду вай. Цхьа а бахьана доцуш, бехк
боцург вен кIело йийр ю вай. 12 Эхарто дийна берш
дIакхалларе терра, кошо могуш берш хIаллакбаре
терра, вай дийна боллушехь дIакхоллур бу уьш.
13 Ваьшна деза мел долу хIума схьагулдийр ду вай,
вешан цIенош хIонсах хьала а дузуш. 14 Тхох
схьакхета, тIаккха и хIонс вовшашлахь цхьатерра
йоькъур ю вай».
15 Сан кIант, цу нахаца дIа ма гIолахь, церан лорах
дIавахарх ларлолахь, 16 хIунда аьлча церан когаш
вониг долчу дIауьдуш бу, уьш цIий Iано сихбелла а
бу. 17 Олхазарийн бIаьргашна хьалха речIа хIоттор
эрна ду – 18 амма уьш санна болу нах шаьш-шайн
цIий Iанорна кIелховшу, шайн дахарна кIело а йо
цара! 19 Иштта ду харцонца шена са лоьхуш мел
волчун некъаш: и са шена йоккхуш волу хIора а
стаг шен дахарх вер ву.

### КIорггачу хьекъалаллин кхайкхар

20 ‡КIорггера хьекъалалла урамнекъашкахь
кхойкхуш ду, цо майданашкахь шен аз ойу, 21 адам
гулделлачу меттигашкахь а, гIалин кевнна
чуволучу меттехь а къамел до цо:
22 «Мел безар бу шуна, бодане адамаш, и бода?
Мел ханна хир бу кхаьрдарш шайн кхардамах
баккхийбеш? Мел хир бу хьекъал доцурш хаарш ца
дезаш? 23 ТIедерза ас шаьш нисдарна! Аса сайн
дагахь дерг шуна хьоьхур ду, сайна хуург дерриг а
шуна дIалур ду. 24 Аса шуьга дуьйцура, амма аша
соьга ла ца дуьйгIира. Ас сайн куьг шуьга
дIакховдийра, амма соьга ладугIуш стаг вацара.
25 Ас шайна дина хьехарш аша дIатеттира, ас боху
нисдар аша тIе ца ийцира. 26 Цундела со а кхаьрдар
ду шуна тIедеанчу вонах, со доьлуш хир ду, шу

† *1:1 Сулим 4:32.* †† *1:7 Аюб 28:28; Забур 110:10; Кицанаш 9:10.*

‡ *1:20, 21 Кицанаш 8:1-3.*

Іадийна дІахІиттича – 27 шуна тІе, йочана санна,
даккхий зенаш даьхкича, шайтІанан мох санна,
шуна вон тІедеача, шу гІайгІане, сингаттаме хилла,
дІахІиттича. 28 ТІаккха кхойкхур ду шу соьга, амма
суна хезар дац. Массанхьа а со лохур ду аша, амма
со карор дац шуна, 29 шуна хаарш ца дезна дела а,
Везачу Эле ларамах дуьзна хила шуна ца лиъна
дела а, 30 иштта ас шайна дина хьехарш аш дІа ца
эцна дела а, ас шайга мел белла тІехбеттамаш дІа а
тоттуш. 31 И дерриг а бахьана долуш, цара шаьш
дІакхехьна болчу некъах бен пайда оьцур бац,
шайн дагахь долчух бузур бу уьш. 32 Боданера нах
хІаллакьхуьлу, хьекъалаллех уьш дІаберзарна.
Сонтанаш бойъур бу, шаьш-шайх тоам бина уьш
леларна. 33 Амма соьга ладоьгІнарг, паргІат а
волуш, цхьана а агІор кхерам а боцуш, вехар ву,
зуламах а ца кхоьруш».

### Хьекъалалло бахьа пайда

2 Сан кІант! Ас хьайга мел бохург дІаэца, ас
хьайна дина хьехарш хьайгахь латтаде.
2 Хьекъалалле ладогІа, цунах кхета а хьажа. 3 ХІума
къасто хаар деха хьайна, гІуллакхах кхетархьама,
хьайн аз айаде. 4 Ахьа хьекъалалла, дети санна,
лахахь, дІалачкъийначу хазнина санна, хьо цунна
тІаьхьаваьлла лелахь, 5 Везачу Эле болчу ларамах
вуьзна хиларх хьо кхетар ву, Дела вовзар хІун ду
хьуна хуур ду. 6 ХІунда аьлча Везачу Эло
хьекъалалла а ло, хаар а, кхетам а Цуьнан багахула
ара а болу. 7 Цо бакъахьа лелачунна ларвар
латтадо, Иза кхачаме лелачарна *турс* санна ву. 8 Цо
бакъдолчун некъаш лардо, иштта Шена тешаме
болчийн тачанаш а Іалашдо.
9 ТІаккха хьуна бакъдерг а, нийса дерг а, догцІена
дерг а девзар ду, иштта, муьлхха а дика некъ а
бевзар бу. 10 Хьан даг чу хьекъалалла а дуссур ду,
хаарша хьан синна хазахетар а лур ду. 11 ХІума
къасто хаарш хиларо хьо ларвийр ву, кхетамалло а
хьуна ха дийр ду, 12 вочу стеган зуламечу некъех а,
иштта харцдерг дуьйцучу стагах а хьо
ларвархьама. 13 И нах, нийса некъаш а дитина,
боданечу некъаш тІехь лелаш бу. 14 Уьш, вониг
шаьш дечу хенахь, сакъералуш хуьлу, боьха лелар
а цара тІетадо. 15 Церан некъаш гома ду, церан
лелар дегаза ду.
16 Кхетамо хьо нахаца лелачу зудчух ларвийр ву.
Иза, оьздангалла йоцуш а лелаш, шен мерзачу
дешнашца хьо леван гІерта. 17 Къона йолчу хенахь
ша маре яхана волу стаг а витина, Далла хьалха ша
тІелаьцнарг кхочуш а ца деш, лелаш ю иза.
18 Цуьнан цІа стаг Іожалле вуьгуш ду, цуьнан
некъаша беллачу нахана тІе кхачаво. 19 Иза йолчу
чуваьлларг юха а ца воьрзу, иза кхечу дахаран
новкъа а ца волу. 20 Цундела дикачу нехан
новкъахула а лела, бакъахьа лелачеран некъаш а
лаха, 21 хІунда аьлча догцІена берш лаьтта тІехь
бехар бу, кхачаме берш цу тІехь буьсур бу, 22 амма
Іеса нах лаьтта тІера дІахадор бу, Далла тешаме
боцурш орамашца цу тІера дІабохур бу.

### КІенташна бина хьехам

3 Сан кІант! Сан хьехам биц ма бе, сан весеташ
хьайн даг чохь а латтаде, 2 хІунда аьлча цара
хьан дахаран денош дахдийр ду, дахарехь хьуна
беркат а лур ду. 3 Безам а, тешаме хилар а хьох
цкъа а дІа ма доьрзийла. Хьайн логах уьш дІа а
хьарчаде, хьайн даг тІехь уьш дІа а язде. 4 †ТІаккха
Дела а, нах а реза хир бу хьуна, цара хьо къобал а
вийр ву.
5 Хьайн доллучу дагца Везачу Элах тешна Іаш
хила. Хьайн долчу хьекъална тІетевжаш а ма хила.
6 Айхьа дІа мел кхоьхьуш долчу некъаш тІехь Иза
вовза, тІаккха Цо хьан тачанаш нисдийр ду.
7 ††Хьайн хьекъалаллех тешна ма Іе, Везачу Эле
ларамах вуьзна а хила, зулам дарх лар а ло. 8 Иштта
лелар хьан дегІана дарбане хир ду, цо хьан
даьІахкашка ницкъ юхабалор бу. 9 Везачу Элан сий
де хьайн долахь мел долчуьнца. Айхьа мел бинчу
белхан дуьххьарлерчу ялтица сий де Цуьнан.
10 ТІаккха хьан кІа чохь латтош долу цІа тІех дуьзна
хир ду, ткъа керла чагІар пхьегІийн йистошкахула
тІехъоьхуш хир ду.
11 ‡ ‡†Сан кІант, Везачу Эло хьо нисвар дІа ма татта,
Цо хьайна дечу таІзарна аьрзнаш а ма де,
12 ‡‡хІунда аьлча Шена везаш верг нисво Цо, дас
шена дукхавезаш волу кІант нисваре терра.
13 Декъала ву хьекъалалла карийна волу стаг,
кхетаме кхаьчна волу стаг. 14 ХІунда аьлча
хьекъалалла карадар дети карадарал а деза ду,
ткъа цунах дешил а чІогІа боккха пайда болу. 15 Иза
жовхІарел а деза ду, хьуна мел дезачу хІуманна
юкъахь цуьнца дуста хІума а дац. 16 Хьекъалаллин
аьтту куьйгахь дахаран дуккха а шераш ду, ткъа
аьрру куьйгахь – бахам а, сийлалла а ду. 17 Цуьнан
некъаш ирсе некъаш ду, ткъа цуьнан массо а
тачанаш машаре ду. 18 Иза дахаран дитт санна ду
цунна тІекхиа лууш болчарна. Цуьнан дола деш
верг декъала хир ву.
19 Хьекъалаллица Везачу Эло латта дІахІоттийна,
ткъа стигалш кхетамца чІагІйина Цо.
20 Шен хааршца Везачу Эло кІорга хиш дІа а хецна,
мархашка чІогІа догІа охьа а даийтийтина.
21 Сан кІант! Хьекъалалла а, хІума къасторан
хьуьнар а Іалашде. Хьайна уллора уьш гена ма
довлийта. 22 Уьш хьан синна дахар хилла
дІахІуьттур ду, царах хьан вортанна жовхІар а хир
ду. 23 ТІаккха хьайн некъа тІехула кхерам боцуш
дІагІур ву хьо, хьан ког а тасалур бац. 24 Хьо
дІавижча, хьуна кхерам хир бац, ткъа хьуна наб
кхетча, иза синтеме а йийр ю ахьа. 25 Ма кхера
цІеххьана тІебогІучу бохамах я Іеса нах
хІаллакьхилар хилча, 26 хІунда аьлча Веза Эла хир
ву хьан гІортор, Цо хьан ког гурах а ларбийр бу.

† *3:4 Лака 2:52.* †† *3:7 Римхошка 12:16.* ‡ *3:11 Аюб 5:17.*
‡† *3:11, 12 Іебархошка 12:5, 6.* ‡‡ *3:12 Довзийтинарг 3:19.*

27 Шайна диканиг дан догІучарна диканиг ца деш
ма виса, иза дан хьайн таро елахь. 28 Хьайн
уллорачуьнга ма ала: «Тахана дІа а гІой, юхавола,
ас кхана лур ду ахьа дехнарг», нагахь санна цо
доьхург хьайгахь делахь. 29 Хьайна уллорачунна
ямартло ма е, хьох тешна иза хьуна уллохь Іаш
волчу хенахь. 30 Бахьана доцуш стагаца дов ма
даккха, цо хьайна вон ца динехь. 31 Къизалла
лелош волчух ма хьега, цуьнан некъех хьайна цхьа
а некъ ма харжа, 32 хІунда аьлча мекара стаг дегаза
хета Везачу Элана, ткъа Цо хама бо догцІена
болчийн. 33 Везачу Элан неІалт ду Іесачун цІенна
тІехь, амма бакъахьа лелачеран цІа Цо декъалдо.
34 †Кхечу нахах кхаьрдачех Иза а кхаьрда, амма ша
кІезиг хеташ Іаш волчунна Шен дика ло Цо.
35 Шайгахь хьекъалалла долчарна сийлалла кхочу,
ткъа сонтачарна – юьхьІаьржо.

## Хьекъалаллех болу пайда

4 ЛадогІа, сан кІентий, шайн дас бечу
хьехамашка, церан тидам а бе, кхетамах шаьш
дузийтархьама, 2 хІунда аьлча аса шуна динарг
дика весет ду. Сан хьехамаш терго йоцуш ма
биталаш. 3 Сайн ден кІант со волчу хенахь, сайн
ненан цхьаъ бен воцу, уггар а дукхавезаш волу
кІант со волчу хенахь, 4 сан дас суна хьоьхура. Цо
соьга олура: «Хьан дагахь лаьттийла сан дешнаш,
сан весеташка ла а дугІуш, ваха. 5 Хьекъалалла а,
кхетам а лаха. Ас бохург диц ма де, цунна тІера а ма
вала. 6 Хьекъалаллина букъ ма берзабе, тІаккха цо
хьо ларвийр ву. Хьекъалалла дезаш а хила, цо
Іуналла дийр ду хьуна. 7 Уггар а коьртаниг
хьекъалалла ду хьуна. Цундела иза лаха хьажа.
ХІуъа а хьо лаха гІортахь – хьекъал каро гІорта.
8 Хьекъалаллин лаккхара мах хадо хьажа, цо
лакхавоккхур ву хьо. Хьо цуьнца хилахь, цо хьан
сий хьалаойур ду. 9 Цо хьан коьрта тІе исбаьхьа
кочар туьллур ду, хьуна сийлаллин *таж* дІакховдор
ду».
10 ЛадогІа соьга, сан кІант, дІалаца ас бохург,
тІаккха хьан дахаран шераш дуккха а хир ду. 11 Ас
хьуна хьекъалаллин некъ гойту, нийсачу
новкъахула дІа а вуьгу хьо. 12 ХІокху новкъахула
дІагІо, хьуна новкъарло йийр яц. Хьо водуш
велахь, хьан ког а тасалур бац. 13 Хьайна дина
хьехарш дагахь латтаде, уьш дІа а ма таса – цаьрца
ду хьан дахар. 14 Іесачу нехан некъа тІе а ма вала,
вочу нехан леларх дІа а ма тарло. 15 Бита и некъ,
цунна тІехь ма лела. Цунна юьстах а валий,
уллохула тІехвала. 16 Вочу нахана наб кхетар яц,
шаьш зуламе дерг даллалц. Церан наб йовр ю,
цара цхьаъ вожаваллалц. 17 Цара Іесаллин кхача а
боу, къизаллин чагІар а молу.
18 Хьаналчу нехан некъ сахилар санна бу. Дийнан
серло мел лаьтта, тІеттІа серлаболу и некъ. 19 Іесачу
нехан некъ Іаьржа бода санна бу, шайн ког стенах
тасабелла а ца хаьа царна.

† *3:34 Якъуба 4:6; 1 Кипин 5:5.*

20 Сан кІант, ас бохучун тидам бе, сан дешнашка
дикка ладогІа. 21 Хьайн бІаьргашна хьалхара уьш
дІа ма довлийта, амма хьайн даг чохь латтаде уьш,
22 хІунда аьлча дахар уьш карийначун хир ду,
цуьнан дегІ могуш а хир ду. 23 Уггар а коьртаниг –
хьайн дог лардар ду, хІунда аьлча цу чохь хьан
дахаран шовда ду. 24 Хьайн баганца мекарниг ма
дийца, хьайн матте харцдерг ма алийта. 25 Хьан
бІаьргаш нийсса хьалха дІахьоьжуш хуьлийла,
цІоцкъамаш а нийсса хьалха дІахьажийна
хуьлийла. 26 ††Хьайн когашна хьалхара тача шарде,
тІаккха дерриг а хьан некъаш чІогІа хир ду. 27 Я
аьтту агІор а, я аьрру агІор а дІа ма верза, массо а
хенахь зулам дарх а ларло.

## Нахаца леларх ларваларх лаьцна

5 Сан кІант! Тергал де сан хьекъале дешнаш,
дикка ладогІа сан кхетаме. 2 ТІаккха оьзда муха
лела веза хааро хьо ларвийр ву, ткъа хьан балдаша
хьекъалалла Іалашдийр ду. 3 Нахаца лелаш йолчу
зудчун багара долу дешнаш *мазал* мерза а хуьлу,
цо бохуш дерг даьттанал кІеда а хуьлу, 4 амма
тІаьххьара а иштта йолу зуда, сагал-буц санна,
къаьхьа хуьлу, шинна а агІор ирдинчу туьрал а ира
хуьлу. 5 Иза Іожаллин новкъахула йоьду, цуьнан
гІулчаш эхарта кхочу. 6 Дахаран некъах лаьцна
ойла ца йо цо, шен некъ гамбелла хилар даре ца
до.
7 Ткъа хІинца, сан кІант, соьга ла а догІа, ас
бохучунна тІера а ма вала. 8 Цу зудчунна генавала,
цуьнан хІусаман неІарна улло а ма гІорта, 9 хьайн
доьналла кхечарна ца кхачийтархьама а, хьайн
дахаран шераш къизачеран кара ца
дахийтархьама а. 10 Хьан бахам кхечарна кхочур бу,
ахьа мел гулдинарг хийрачу нехан кара а гІур ду.
11 Хьан дахаран чаккхенгахь ахьа узарш дийр ду –
хьайн дегІа чуьра гІора дІадаьллачул тІаьхьа.
12 ТІаккха ахьа эр ду: «ТаІзар суна ма ца дезара! Со
нисварх сан дог ма долура! 13 Суна ца лаьара сайн
хьехархойн аз хаза, цара бохучуьнга аса ла а ца
дугІура. 14 Цхьана маьІІаргона сан дахар кхоччуш
дакъазадолура берриг а гуламна хьалха!»
15 Хьайн гІу чуьра мала хи – хьайн хьостана чуьра
арадолуш долу хи. 16 Хьан хьостанийн хи
урамнекъашкахула дІасадаржа деза те? Хьан хиш
майданашкахула дІасадаржа деза те? 17 И хи хьайн
долахь хилийта, кхечун долахь а ца хуьлуьйтуш.
18 Декъала хуьлийла хьан хин хьоста. Хьо жима
волчу хенахь айхьа ялийначу зудчуьнца зовкх
хьоьгийла ахьа. 19 Иза, лу санна, исбаьхьа ю, сай
санна, хаза а ю. Цуьнан накхоша Іабавойла хьо
муьлххачу а хенахь, цуьнан безамо дІалаьцна
хуьлийла хьо даим. 20 Сан кІант, кхечун зудчо
дІалаьцна хІунда хир вара хьо? Нехан зудчун
накхош ахь хІунда марадухкур дара? 21 Везачу Элан
бІаьргашна хьалха лаьтташ ду стеган некъаш,
адамо мел бо некъ толлу Цо. 22 Іеса стаг шен

†† *4:26 Іебархошка 12:13.*

къинойн гуро дӀалоцу, цара иза, буржалш тоьхча
санна, латтаво. 23 Цо хьехам тӀе ца эцарна, иза лийр
ву. Шен сонталла йоккха хиларна, иза тиларчу гӀур
ву.

## Кхидолу лардарш

6 Сан кӀант! Нагахь санна ахьа кхечу стагах жоп
деллехь, нагахь санна куьг Ӏовдарца ахь цунах
дош деллехь, 2 ахьа хьайн дешнех хьайна гур
боьгӀнехь, ахьа-айхьа аьллачо хьо дӀалаьцнехь,
3 хьо мукъавалархьама хӀара де, сан кӀант, хьайн
уллорачун кара хьо вахана дела. Ваха а гӀой, хьо
юьхьӀаьржачу хӀотта, айхьа дош делла волчу стаге
дехар де, хьо цу дашах мукъаваккха алий. 4 Хьайн
бӀаьргашка наб а ма яйта, цаьрга са а ма даӀийта.
5 Цу гурах мукъа а валий, таллархочух сай санна,
дӀакъахка. РечӀанна чуьра мукъадолу олхазар
санна, кӀелхьарвала.
6 Зингат долчу гӀо, малонча, цо деш долчуьнга а
хьажий, хьекъалалла долуш хила. 7 Цуьнан я
хьаькам а вац, я хьалхаваьлла лелаш верг а вац, я
олахо а вац, 8 амма аьхка цо шена рицкъа Ӏалашдо,
ялта чудерзочу хенахь цо шена кхача гулбо. 9 Мел
Ӏуьллур ву хьо, малонча, вижина? Маца вер ву хьо
наб йина? 10 †«Жимма вижина Ӏуьллур ву со, – боху
малончо, – жимма садоӀуш Ӏийр ву, жимма,
куьйгаш тӀекӀел а дехкина, Ӏуьллур ву». 11 Амма, къу
санна, хьо волчу еана схьакхочур ю къелла. Хьан
эшар, талорхо санна, деана тӀекхочур ду хьуна.
12 Мекара хӀилланча волу стаг, харцдерг а
дуьйцуш, вон бага а лееш, лела. 13 Цо бӀаьргаш а
теӀабо, хичаш а йо, куьйган эшарехь къамел а до,
нах лебан гӀерташ. 14 Цуьнан даг чохь ямартло ю.
Иза массо а хенахь вон ойланаш еш хуьлу, нехан
барт а бохош. 15 Амма цӀеххьана цунна тӀе бохам
кхочур бу. Цу сохьта, дарба а хир доцуш, чӀогӀа
кӀелвуьсур ву иза.
16 Везачу Элана ца дезаш ялх хӀума ду, аьлча а,
ворхӀ ду Цунна дегаза хетарг:
17 кура бӀаьргаш а,
харцдерг дуьйцу мотт а,
бехк боцучун цӀий Ӏенош долу куьйгаш а,
18 шена чохь вон дагалецамаш болу дог а,
вочу хӀуманна тӀебовда кийча болу когаш а,
19 кхел ечу хенахь аьшпаш буьттуш волу харцтеш
а,
вежаршна юкъахь дов латтош волу стаг а.

## Кхечу стеган зудчуьнца леларх ларвалар

20 Сан кӀант! Хьайн ден весеташ ларде, ненан
хьехамаш дӀа а ма татта. 21 Уьш даим хьайн дагах
дӀа а дехка, хьайн коча дӀа а хьарчаде. 22 Хьо
новкъа ваьлча, цара хьуна тӀехь куьйгалла дийр ду.
Хьо дӀавижча, цара хьо ларвийр ву. Хьо
самаваьлча, уьш хьох дагабевр бу. 23 Хьан ден-
ненан весеташ – хьуна некъ гойтуш йолу серло ю.
ТӀехтохаман нисваро дахаран новкъа воккху хьо.
24 Церан хьехамаша хьо, нахаца лелаш йолу зуда
йолчу воьдуш, сацаво, шен майра а витина, лелаш
йолчу зудчун хазачу хабарех лар а во. 25 Цуьнан
хазалле хьайн дог ле ма дайта, цуьнан бӀаьргашка
хьо йийсаре а ма вигийта, 26 хӀунда аьлча
кхахьпанан мах баьпкан юьхканчул бен бац, амма
нехан долахь йолу зуда бахьана долуш хьо хьайн
дахарх а вала тарло.
27 Цхьаьнгге а шен четахь догуш долу хаьштиг
латталур дуй, шена тӀера коч а ца ягош? 28 Цхьа а
стаг догуш долчу кӀегашна тӀехула лелалур вуй,
шен когаш а ца багош? 29 Изза хир ду кхечун зуда
йолчу оьхучунна а: цунах дӀа ца къаьхкинарг таӀзар
ца хуьлуш вуьсур вац. 30 Къуьне цабезам ца
кхоллало, цо, меца хиларна шен гай дузорхьама,
хӀума лачкъийча. 31 Амма схьалаьцначул тӀаьхьа,
цо ворхӀазза дукха юхадала деза, шен цӀийнан
берриг а бахам дӀабала цуьнан дезахь а. 32 Шен
йоцучу зудчуьнца лелачун кийрахь дог дац, цу
тайпана лелаш волчо шен са а хӀаллакдо. 33 Еттар а,
юьхьӀаьржачу хӀоттар а кхочур ду цуьнга, цуьнан
эхь цкъа а дӀадайина хир дац. 34 Нахаца лелаш
йолчу зудчун майра дарлур ву, бекхам бечу
дийнахь цо шен мостагӀчух къинхетам бийр бац.
35 Цхьа а гӀуда цо дӀаоьцур дац. Шена ло совгӀат
мел доккха делахь а, иза товр дац цунна.
7 Сан кӀант! Сан дешнаш ларде, сан весеташ
дагахь латтаде. 2 Сан весеташ ларде, тӀаккха
хьо вехар ву. Сан хьехамаш, йоӀбӀаьрг санна беза а
хеташ, Ӏалашбе. 3 Хьайн куьйган пӀелгех дӀадехка
уьш, даг тӀехь дӀа а язде уьш. 4 Хьекъалалле ала:
«Хьо сан йиша ю!» Цундела кхетам а хьайн гергара
бу ала. 5 Цара ларвийр ву хьо хьайн йоцучу зудчух
– эсалчу къамелашца левеш йолчу тилаеллачу
зудчух.

## Нахаца лела зуда

6 Цхьана дийнахь со сайн цӀийнан корехула
арахьоьжуш вара. 7 Боданечу нахана юкъахь,
кегийчу нахана юкъахь, хьекъал доцуш волу цхьа
жима стаг гира суна. 8 Иза, некъахула а вогӀуш,
нахаца лелаш йолчу зудчун ураман маьӀигна улло
а кхаьчна, цуьнан цӀенна тӀебоьду некъ боккхуш
вара. 9 Малх дӀа а буьзна, суьйре тӀееанера, бода
булуш бара. 10 Цу хенахь цунна дуьхьалйогӀуш яра
и зуда. Цунна тӀехь кхахьпанан духар дара, иштта
цуьнан къайлаха Ӏалашонаш а яра. 11 (Иза чӀогӀа аз
долуш а, аьрха а ю, иштта ша хиларна шен цӀахь
соцуш а яц. 12 Иза урамнекъашкахула а,
майданашкахула а яьлла лелаш ю, некъийн хӀорра
маьӀиг йолчуьра кӀело а еш.) 13 И жима стаг
катоьхна схьа а лаьцна, цунна оба а яькххина,
нисса цуьнан бӀаьргаш чу а хьоьжуш, цо элира:
14 «Ас тахана бертан сагӀа даьккхина, сайна
тӀедиллинарг кхочуш а деш. Со йолчохь оцу
сагӀанах долу жижиг ду, 15 цундела со хьуна дуьхьал
араяьлла. Хьо лоьхуш лелара со, ткъа хӀинца

† 6:10, 11 Кицанаш 24:33, 34.

схьакарий суна хьо. 16 Ас сайн метта тIе исхарш
тесна. Мисар-махкара деана тайп-тайпанчу басахь
долу кIадеш ду уьш. 17 Аса сайн метта тIе духIиш а,
*сарап* а, кхечу тайпана хаза хьожа йогIу хIуманаш а
тоьхна. 18 Вало, Iаббалц безаман кад муьйлур бу
вайшимма! Вовшех марзо а оьцуш, сахиллалц Iийр
ду вайшиъ, 19 хIунда аьлча сан майра цIахь вац: иза
беха некъ бан араваьлла. 20 Цо шеца ахча чохь
долу бохча схьаэцна, цундела иза бутт буьзча бен
цIа вогIур вац». 21 Къарвечу дешнашца и жима стаг
къарвира цу зудчо. Шен эсалчу къамелца иза
цуьнга Iеха а велира. 22 Иза цу зудчунна
тIаьхьахIоьттина вахара, урс хьакха дIабуьгуш болу
сту ма-баххара, гур чу воьду сонтаниг санна, 23 шен
доIахах суй санна кхуссу пха чекхбаллалц. Иза вара
речIанна тIедоьдуш долу олхазар санна – иза ца
кхетара шен дахар Iожаллин кхерамехь хиларх.
24 Ткъа хIинца, сан кIентий, соьга ла а догIа, аса
бохучун тидам а бе. 25 Ишттачу зудчун некъаш тIе
ма дерзийта шайн дегнаш, цуьнан некъаш тIехь
тиладелла ма лела. 26 Дуккха а нах цо эгийтина, цо
хIаллакбинарш барам боцуш бу. 27 Цуьнан цIа –
эхарте кхачаво некъ бу. Оцу некъо Iожаллин
меттиге дIавуьгу.

### Хьекъалалла хастор

8 †Хьекъалалла-м дац те и кхойкхург?
Кхетам-м бац те, шен аз ойуш, кхойкхуш берг?
2 Иза лакхенашкахь дIахIутту, некъаш тIехь,
некъаш вовшахкхетачу меттехь.
3 Цо гIалин кевнна уллохь кхойкху,
неIарна чуволучу меттехь:
4 «Шуьга кхойкху ас, дуьненан адамаш,
массо а нахе кхойкхуш ду сан аз!
5 Хьекъал долуш хила Iама, бодане дерш.
Кхетам болуш хила Iама, сонта берш.
6 ЛадогIа, хIунда аьлча ас ала кечдинарг коьртаниг ду,
сан багахула арадовлу дешнаш – цIеначу дагара ду.
7 Сан матто дIаолуш дерг нийса дерг ду,
ткъа харцдерг алар баганна юьхьIаьржо ю.
8 Сан багахула арадолу массо а дош бакъ ду,
цаьрца я ямартло а, я хIилла а дац.
9 Кхетам берг цу дешнех дика кхета,
иштта хаарш гулдинчунна а уьш нийса хета.
10 ДIаэца сан хьехамаш детин метта,
хаарш харжа цIеначу дешин метта,
11 хIунда аьлча хьекъалалла жовхIарел а гIолехь ду шуна,
лууш долу цхьа а хIума цуьнца дусталур дац шуна.
12 Соьгахь, хьекъалаллехь, хьекъал ду шуна,
ткъа хаар а, къастор а карадо суна.
13 Везачу Эле ларамах вуьзна хилар – вониг цадезар ду.
Суна иштта куралла а, ша лакхара хетар а ца деза,
иштта вон некъаш а, харцдерг дуьйцуш йолу баганаш а ца еза суна.
14 Соьгахь хьехарш а, нийса долу хьекъал а ду.
Сан хIума къасто кхетам а бу, соьгахь ницкъ а бу.
15 Сан гIоьнца паччахьаша шайн паччахьалла до,
соьгахула куьйгалхоша нийсадерг билгалдоккху.
16 Сан гIоьнца куьйгалла до элаша а, тхьамданаша а,
иштта нийса кхел ечу массо а кхелахоша а.
17 Со дезарш суна а беза,
со лохуш болчарна со карор а ду.
18 Соьгахь бу бахам а, сийлалла а,
телхар йоцу хазна а, нийсо а.
19 Сан совгIат уггар а цIеначу дешил а деза ду,
сох болу пайда цIеначу детил а дукха бу.
20 Со нийсонан некъаш тIехула лела,
аса бакъдолчун тачанаш лоху.
21 Со дезачарна ас хьал ло,
церан хIусамаш ас хазнех хьалаюзу.
22 ††Юьхьанца, Ша дерриг а кхуллучу хенахь,
Везачу Эло со, хьекъалалла, уггар а хьалха кхоьллина.
23 Со дIахIоттийнера азалехь дуьйна,
юьхьанца, дуьне а кхоллале.
24 Со дуьнен чу даьллера, даккхий хIордаш а хилале,
иштта хи тIехъоьху хьостанаш а хилале.
25 Со дуьнен чу даьлла, лаьмнаш а, гунаш а
шайн-шайн меттигашка дIахIиттадале,
26 латта а, цуьнан аренаш а, ур-атталла
лаьттан буьртигаш а Цо кхоллале.
27 Цо стигал шен метта дIахIотточу хенахь, со цигахь дара,
Цо анайистана горга сиз а хьаькхна, боккха хIорд кхуллучу хенахь а,
28 иштта мархаш лакхенгахь кхуллучу хенахь а,
хIорд чубутту хьостанаш шординчу хенахь а, со цигахь дара.
29 Ша омра динччул бен хьала а ца бузуш,
Цо хIордана шен йистош лучу хенахь а,
лаьттан бух дIахIоттийначу хенахь а,
со цигахь дара.
30 Со Цунна уллохь дара, говза пхьар санна.
Веза Эла сох воккхавеш вара хIора дийнахь,
массо а хенахь сакъоьрура аса Цунна уллохь.
31 Цо кхоьллинчу дуьненах доккхадеш дара со,
иштта Цо кхоьллина адамаш бахьана долуш а со доккхадеш дара.
32 Иштта, сан кIентий, ладогIа соьга.
Декъала хир бу ас хьехначу некъашкахула леларш!
33 ЛадогIа хIокху хьехамашка, хила хьекъале,
цунна уллора дIа а ма довла.
34 Декъала ву соьга ладугIуш верг,
сема а волуш, хIора дийнахь сан кевнехь а,

† 8:1-3 Кицанаш 1:20, 21.

†† 8:22 Довзийтинарг 3:14.

сан неӀарна а уллохь ха деш лаьтташ верг.
35 Со мел карийначунна дахар карийна,
Везачу Элера дика а хир ду цунна.
36 Соьга схьа ца кхаьчнарг шен синна бохам
бокккхуш ву.
Хьекъалалла ца дезаш верг Іожалла езаш ву».

## Хьекъалалла а, сонталла а

9 Хьекъалалло, шена цӀа а дина, ворхӀ бӀогӀам а
хьаьккхна, уьш дӀахӀиттийра. 2 Дийнатна урс а
хьаьккхна, чагӀар а доьттина, цо пхьор
охьахӀоттийра. 3 ГӀалин уггар лекхачу меттера мохь
туххуш дӀаалийта шен ялхой бахийтира цо:
4 «Бодане верг кхуза схьавола!» Хьекъалх эшна
болчаьрга а боху цо: 5 «Схьадуьйла, даа сан бепиг,
мала ас даьккхина долу чагӀар. 6 Дита шайн бодане
лелар, тӀаккха шу дехар ду. Кхетамечу новкъахула
лела дуьйлало».
7 Кхаьрдаш верг нисван гӀертахь, цо хьуна
кхиссарш йийр ю. Іесачу стагана тӀехтохам бахь, цо
хьо нахала вокккхур ву. 8 Цундела нахах кхаьрдаш
волчух бехк ма баккха – цуьнан хьоьга цабезам
кхоллалур бу. Амма ахьа хьекъал дерг нисвахь,
цуьнан хьоьца ларам хир бу. 9 Хьехар де хьекъал
долчунна, цуьнан хьекъалалла кхин а совдер ду.
ДогцӀена долу стаг Іамаве – цуьнан хаарш кхин а
алссам хир ду.
10 †Везачу Эле ларамах вуьзна хилар – иза
хьекъалаллин юьхь ю, ткъа Веза Дела вовзар – иза
кхетам бу. 11 Хьекъалалла долчу соьгахула хьан
оьмар а яхлур ю, хьан дахаран шераш а совдевр
ду. 12 Хьо хьекъале велахь, хьуна пайда бахьар бу
оцу хьекъалалло, амма хьо кхаьрдаш велахь, оцу
кхардаро хьуна зе дийр ду.
13 Сонталла чӀогӀа аз долуш йолу зуда санна ю.
Иза бодане ю – цунна хӀумма а ца хаьа. 14 Шен
цӀенна чуволучу меттехь, гӀалин уггар лекхачу
меттехь, гӀанта тӀехь Іаш ю иза. 15 Цо шена
уллохула тӀехбуьйлучу а, нийсса шайн новкъахула
дӀабоьлхучу а нахе мохь бетта: 16 «Со йолчу
схьавола, бодане волу массо а стаг!» – бохуш.
Хьекъална кӀорге боцучаьрга а цо боху:
17 «Лачкъийна долу хи а мерза ду, къайлаха доу
бепиг а мерза ду». 18 Ткъа царна ца хаьа, цуьнан цӀа
чохь белла нах буйла а, цо схьакхайкхинарш
беллачу нехан дуьнен чу биссина буйла а.

## Сулим-паччахьан кицанаш

10 ХӀорш ду Сулиман кицанаш.
Хьекъалечу кӀанта шен ден дог
даккхийдедо, ткъа сонтачу кӀанта ненан дог
дохадо.
2 Хьарам даьккхинчу ахчанах пайда ца болу, ткъа
нийсоно Іожаллех кӀелхьарвоккху.
3 Хьаналчу стаге Везачу Эло мацалла хьоьгуьйтур
яц, ткъа Іесачу нехан лаам Цо дӀатотту.
4 Мало ечу куьйгаша стаге къоьлла хӀоттайо, ткъа
къахьоьгуш долчу куьйгаша хьал гулдо.
5 Аьхка ялта чудерзориг хьекъале кӀант ву, амма
ялта чудерзочу хенахь вижина Іиллинарг эхье
кӀант ву.
6 Декъала хилар хьаналчу нахаца ду, амма Іесачу
стеган дешнаша нахана еш йолу къизалла
къайлайоккху.
7 Дикачу стагах лаьцна диканна дагадогӀу, амма
Іесачу стеган цӀе дӀаер ю.
8 Хьекъал долчо хьехамаш тӀеоьцу, ткъа сонта
къамел дийраш хӀаллакьхир бу.
9 Нийса лелаш волчунна кхерам хир бац, ткъа
шен некъаш талхош верг жоьпе озор ву.
10 Шен бӀаьргаш мекарлонца теӀабеш волчу стага
бала бахьа, ткъа сонта къамел дийраш хӀаллакьхир
бу.
11 Хьаналчу стеган дешнаш – дахаран хьоста ду,
амма Іесачу стеган дешнаша нахана еш йолу
къизалла къайлайоккху.
12 ††Цабезамо девнаш довлуьйту, амма безамо
массо а зуламаш дӀахьулдо.
13 Къастош долчун багахь хьекъалалла карадо,
ткъа гӀаж еттар хьекъал доцучун букъана лерина
ду.
14 Хьекъалалла долчара хаарш лахьадо, ткъа
сонтачара дуьйцучо бохам гергабалабо.
15 Хьалдолчун бахам – цуьнан чӀагӀйина гӀала ю,
къен волчу стеган бала цуьнан къен хилар ду.
16 Хьаналчу нахана йогӀу ял дахар ду, Іесачу
стеган кхиам къиношна тӀебоьрзу.
17 Шена бечу тӀехбеттаме ладугӀуш верг дахаран
новкъахь ву, амма ша нис ца войтург тилавелла
лела.
18 Шен цабезам къайлабохуш верг – аьшпаш
буттург ву, ткъа эладита даржош верг сонта ву.
19 Дукха луьйш волчуьнгара гӀалат дала мега,
амма шен бага сацо хууш верг хьекъал долуш ву.
20 Хьаналчу стеган дош цӀена дети ду, ткъа Іесачу
стеган дог пайда боцуш ду.
21 Хьаналчу стеган дешнаша дуккха а нахана
кхача ло, амма сонтанаш хӀаллакьхуьлу, шайн
хьекъал ца тоарна.
22 Везачу Эло декъалваро хьал дахьа, ткъа
къахьегаро цунна хӀумма а тӀе ца туху ‡.
23 Сонтаниг вон леларх воккхавеш хиларе терра,
хьекъал дерг хьекъалаллех воккхавоь.
24 Іеса стаг кхоьруш дерг цунна тӀедогӀур ду, ткъа
хьаналчу стага сатуьйсуш дерг цунна хир ду.
25 ШайтӀанан мох хьаькхча – Іеса нах кхин бац,
ткъа хьанал нах онддачу бух тӀехь лаьтташ бу.
26 Шен олахо малончо шагво, къонзано цергаш
шагъяр санна я хьийзош болчу кӀуьро бӀаьргаш
къийзор санна.

† *9:10 Аюб 28:28; Забур 110:10; Кицанаш 1:7.*

†† *10:12 Якъуба 5:20; 1 Кипин 4:8.* ‡ *Ткъа къахьегаро цунна хӀумма а тӀе ца туху *– я иштта: *ткъа цунна тӀе бала ца туху Цо.**

27 Везачу Эле ларамах вуьзна хиларо стеган
денош дахдо, ткъа Іесачу нехан шераш дацдина
хир ду.
28 Дикачу нехан сатийсам ирсе бу, ткъа Іесачу
нехан дегайовхо кхочушхир яц.
29 Везачу Элан некъ кхачаме лелаш волчунна гІап
санна бу, амма харцонаш лелочарна и некъ бухур
бу.
30 Хьанал нах цкъа а бегийна хир бац, амма Іеса
нах дуьнен тІехь буьсур бац.
31 Хьаналчу наха дуьйцург хьекъалалла ду, ткъа
харц луьйш болчеран къамел сацор ду.
32 Дикачу нахана догІу хІума ала хаьа, ткъа Іесачу
нахана дегаза хІума ала бен ца хаьа.
11 Нийса ца узу терза Везачу Элана ца деза,
ткъа нийса узуш долу терза Цунна тамехь ду.
2 Куралла йоьссича – юьхьІаьржачу хІутту, ткъа
эсала болчаьрца хьекъалалла хуьлу.
3 Шайн хьаналло догцІена берш дахаран
новкъахула дІабуьгу, ткъа шайн сийсаздаккхаро
тешаме боцурш хІаллакбо.
4 Бекхам бечу дийнахь хьоло гІо дийр дац, амма
нийсоно Іожаллех кІелхьарвоккхур ву.
5 ДогцІена болчеран нийсоно царна нийса некъ
боккху, ткъа Іесачу нехан Іесалло уьш
охьаоьгуьйту.
6 Бакъахьа лелаш верг шен нийсоно
кІелхьарвоккхур ву, амма мекарниг шен Іесачу
лаамо дІалоцур ву.
7 Іесачу стеган дІакхалхарца цуьнан сатийсам а
дІаболу, иштта зуламе стаг хьоьжуш дерг а дІадолу.
8 Дика стаг баланех кІелхьарволу, цуьнан метта
цу балано Іеса стаг дІалоцу.
9 Шен къамелашца Іесачо шен уллорачунна
бохам боккху, амма Делан лаамехь волу стаг шен
хьекъалалло кІелхьарвоккху.
10 Хьаналчу стеган аьтто хилча, ерриг а гІала
йоккхаеш хуьлу, ткъа Іесачу стеган валарх
массарна а ловзар хуьлу.
11 Дикачу наха декъалъяр бахьана долуш гІалин
аьтто боккху, амма Іесачу нехан къамелашца
гІалина бохам боккху.
12 Хьекъал кІезиг долчо шена уллораниг емалво,
амма хьекъал долчо вист ца хуьлуш собардо.
13 Мотт бетташ лелачо шега дийцинарг
дІасадаржадо, амма тешаме волчо къайле
дІахьулйо.
14 Куьйгалла ца тоьуш хиларна, халкъ
хІаллакьхуьлу, амма хьехамчаш дукха хиларо
халкъан аьтто боккху.
15 Шена бала бо кхечу стагах дош делла волчо,
амма цу тайпана дош далар шена тІе ца оьцуш
волчунна кхерам бац.
16 Эсала йолчу зудчо шега ларам кхоллаболуьйту,
ткъа къизачара шайна хьал гулдо.
17 Къинхетаме волчу стага шен дагна синхьаам
хуьлуьйту, ткъа къизачу стага ша хІаллакво.
18 Іесачу стага йоккху ял стаг левеш йоккху, амма,
лаьтта тосу хІу санна, нийсо тосучун совгІат чІогІа
лаьтта.
19 Нийсо леррина кхочушъечарна дахар карор ду,
ткъа зуламаш лелочара шайна Іожалла лоьху.
20 Везачу Элана ца беза ямарта дог дерш, амма
Иза воккхавоь кхоччуш цІена лелаш болчарах.
21 Билггал бакъ ду, вон стаг таІзар тІе ца догІуш
вуьсург цахилар, амма дикачу нехан тІаьхье
кІелхьарйоккхур ю.
22 Хьакхин мерах боллу дашо хІоз санна ю, хаза а
йолуш, хьекъал доцу зуда.
23 Хьаналчу нехан лаам кхочушхиларо дика кхин
а алсамдоккху, амма Іесачу нехан сатийсам
кхочушхиларо дералла яхьа.
24 Комаьрша волчунна кхин а алссам хІума
тІедогІу, амма сутара хиларо къоьлла тІеялайо.
25 Комаьрша волчун аьтто боккхур бу, ткъа
кхечунна хи малош волчунна а хи малор ду.
26 Шен долахь долу ялта шегахь сецош волчунна
наха неІалт олу, амма декъала хир ву ялта
дІадухкуш верг.
27 Дика дан кийча верг наха лору, амма вон деш
волчунна иза шена юхадоьрзу.
28 Шен бахамах тешна верг вужур ву, амма
диканиг, керла хьаладаьлла гІа санна, хьалавер ву.
29 Шен доьзална бала бахьаш волчунна яьссалла
кхочур ю, ткъа сонтаниг хьекъалалла долчун лай
хилла лелар ву.
30 Делан лаамехь болчара кхиориг – дахаран дитт
ду, хьекъалалла долчо адамийн синош тІеозадо.
31 †Лаьтта тІехь а болуш, дикачу нахана царна
догІург луш хилча, Іеса а лелаш, къинош летош
болчарна цул сов а иза лур ду.
12 Ша нисвар дезаш волчунна хаарш а деза,
ткъа шена тІехбеттам бар ца дезарг сонта
стаг ву.
2 Дика стаг Везачу Эло ша декъалвар лохуш хуьлу,
амма мекарчу стагана Цо кхел йийр ю.
3 Іесалло стаг чІагІвийр вац, амма Делан лаамехь
волчун бух меттахбер бац.
4 Дика зуда шен майрачунна *таж* санна хуьлу,
ткъа шен майра юьхьІаьржачу хІоттош ерг –
цуьнан даьІахкаш чохь телхина хІума санна ю.
5 Дикачу нехан ойланаш нийса хуьлу, ткъа Іесачу
нехан Іалашонаш ямарта хуьлу.
6 Іесачу наха бохург – цІий Іано йина кІело ю,
ткъа бакъахьа лелачара олучо уьш кІелхьарбоху.
7 Іесачу нахана тІе бохам беанчул тІаьхьа уьш
кхин бац, амма дикачу нехан цІа чІогІа лаьттар ду.
8 Стеган хьекъале хьаьжжина, иза хаста а во,
амма ямарта дог долу стаг нахана ца веза.
9 Дагахь хІума доцуш, цхьаъ бен ялхо воцуш волу
стаг тоьлу, нахана ша чІогІа хьал долуш ву а
моттуьйтуш, даа хІума доцуш волчу стагал.
10 Дикачу стеган шен хьайбанех а дог лозу, амма
Іесачу нехан доглазам а къиза бу.

† *11:31 1 Кипин 4:18.*

11 Шен лаьтта тІехь къахьоьгучун шортта таро
хир ю, ткъа эрна хІуманаш а лелош, хан йойуш
верг хьекъал доцу стаг ву.
12 Іеса стаг хьоьгург вонаш лелочеран хІонс ю,
ткъа дикачу нехан орамо стом ло.
13 Шен харцдешнашца вочу стага шена кІело йо,
ткъа дика стаг баланех кІелхьарвер ву.
14 Шен баганца аьллачуьнгахула стаг дикачух
вузу, шен куьйгашца бинчу балхана йоггІу ял а лур
ю цунна.
15 Сонтачу стагана шен некъ дика хета, ткъа
хьекъал долчу стага кхечеран хьехамашка ладугІу.
16 Сонтачу стеган оьгІазвахар цу сохьта гучудолу,
ткъа хьекъал долчо шена йина вас гучу ца йоккху.
17 Тешамечу тешо бакъдерг олу, амма харц луьйш
волчу стага бохург бакъ дац.
18 Ойла а ца еш, къамел дечун дешнаша, туьро
санна, чов йо, амма хьекъал долчун дешнаша
дарба до.
19 Бакъдолу дешнаш гуттаренна а хуьлу, ткъа
харцдерг йоццачу ханна бен дац.
20 Вониг дан ойла ечеран дегнашкахь мекарло
хуьлу, ткъа машар бан гІерташ болчарна
синкъерам хир бу.
21 Дикачу адамашна тІе цхьа а бохам богІур бац,
ткъа Іеса нах вочу хІуманех тІехбуьзна хир бу.
22 Везачу Элана харцдерг дуьйцурш ца беза, ткъа
бакъдерг леладечарна Иза реза ву.
23 Хьекъал дерг шен хаарш гучудаха ца гІерта,
ткъа сонтачо шен сонталла гучуйоккху.
24 Дукха къахьоьгург кхечарна тІехь куьйгалла
деш хир ву, ткъа малонча, лай санна, къахьоьгуш
хир ву.
25 Сингаттамо адаман дог таІадо, ткъа дикачу
дашо иза самукъане до.
26 Дикачу стагана шена уллорачунна чул дика хир
ду, ткъа Іеса стаг тилаво шен некъо.
27 Малончо шен ижу ца йотту, ткъа дукха
къахьоьгуш волчунна шен бахам беза бу.
28 Делан лаамехь волчу стеган некъ дахарна
тІебоьду, цу некъа тІехь Іожалла а яц.

13 Хьекъалечу кІанта шен дас ша нисваран
дикка тергам бо, ткъа кхаьрдаш волчо шена
бечу тІехбеттаме ла ца дугІу.
2 Шен баганца аьллачуьнгахула стага пайда оьцу,
ткъа мекара стаг къизалла ярх хьоьгу.
3 Шен бага сацо хууш волчо шен са лардо, ткъа,
ойла а ца еш, луьйш волчу стагана тІе зулам догІур
ду.
4 Малончин лаамаш кхочушхир бац, ткъа хьанал
къахьоьгучун лаамаш кхоччуш Іаьбна хир бу.
5 Дикачу стагана харцонаш ца еза, ткъа Іесачу
стага шена тІе юьхІаьржо а, эхь а доуьйту.
6 Нийса леларо догцІена стаг шен некъа тІехь
ларво, ткъа Іесалло къинош летош верг хІаллакво.
7 Цхьаболчу наха, шайн долахь хІумма а
доццушехь а, шаьш хьоладай ду моттуьйту, ткъа
вукхара шайгахь къоьлла ю моттуьйту, дуккха а
хьал шайгахь делахь а.
8 Хьал долчу стеган шен дахар эца йиш ю, ткъа
къечунах цхьаммо а мах боьхур бац.
9 Дикачу нехан серло синкъераме йогу, ткъа вочу
нехан чиркх байина хир бу.
10 Шаьш лакхара хеташ болу нах бахьана долуш
девнаш дуьйлу, ткъа хьехам тІеоьцуш берш
хьекъалалла долуш бу.
11 Букъ а ца лозуш доккхург дог а ца лозуш
дІадолу, ткъа къахьегарца жим-жима гулдина хьал
дебар ду.
12 Сатийсам кхочушхила хьебелча, дог гІайгІане
хуьлу, ткъа хьан сатийсам кхочушхилча, иза
дахаран дитт санна денло.
13 Шена бина хьехам дІатоттург жоьпе озор ву,
амма весет лоруш волчунна ял хир ю.
14 Хьекъалалла долчун хьехамаш дахаран шовда
ду, цара адамна гІо дийр ду Іожаллин гурана
генавала.
15 Хьекъал долчу стагаца нехан ларам хуьлу, ткъа
тешаме боцучеран некъ хала бу.
16 Хьекъал долчо, ша цхьа хІума дале, ойла йо,
ткъа сонтачо шен сонталла нахана дІагойту.
17 Геланча тешаме вацахь, цунах зулам долу, амма
тешаме волчо машар бахьа.
18 ЮьхьІаьржо а, къоьлла а хир ю тІехбеттам тІе
ца оьцучу стагехь, амма ша нисвойтуш волчу
стеган сий хир ду.
19 Лаам кхочушхилча, сакъерало. Вочу хІуманах
дІакъастар сонтачунна дегаза хета.
20 Хьекъал долчаьрца юкъаметтиг лелош верг
хьекъал долуш хир ву, амма сонтачаьрца гергарло
лелош волчо шена тІе бала бахьа.
21 Къинош леточарна вон тІаьхьадаьлла лела,
ткъа бакъахьа болчарна диканиг лур ду.
22 Дика стаг веллачул тІаьхьа цуьнан бахам
берийн берашна а кхочур бу, амма къинош
летийначун хьал бакъахьарчун дуьхьа Іалашдеш
ду.
23 Ур-атталла къечу стеган ахаза долчу лаьтто
алссам ялта делча а, нийса ца леларо цуьнан хьал
дІадоккху.
24 Сара кхоабеш волчунна шен кІант ца веза,
амма шен кІант везачо иза таІзар дарца нисво.
25 Дикачу стага Іаббалц яа хІума юур ю, ткъа
Іесачу нехан кийрахь мацалла лаьттар ю.

14 Хьекъал долчу хІора зудчо шен хІусам
дІахІоттайо, амма сонтачу зудчо шен
куьйгашца иза йохайо.
2 Нийсачу новкъахула дІавоьдург Везачу Эле
болчу ларамах вуьзна хуьлу, амма харцнекъаш
лелош схьабогІучарна Иза дегаза хета.
3 Сонтачу стага бохург – шен кураллина таІзар до
гІаж санна ду, ткъа хьекъал долчу стеган
вистхиларо иза ларво.

4 Нагахь болх бан стерчий дацахь, хьаьвданаш
даьсса хир ду, ткъа стерчийн ницкъах пайда эцаро
шортта ялта лур ду.
5 Тешаме волчу тешо Іеха ца во, амма харцтешо
аьшпаш бутту.
6 Кхаьрдачо хьекъалалла лоху, иза цунна кара а
ца до, амма хьекъал долчу стагана хаарш атта
карадо.
7 Сонтачу стагах къехкаш лела, цуьнан багара
хаарш карор дац хьуна.
8 Хьекъалечу стеган хьекъалаллица цунна ша
муха лела хаьа, амма сонтачу стеган сонталла –
Іехор ю.
9 Сонта адамаш кхаьрда шайн къиношна гечдар
лоьхучарах, ткъа догцІена болчарна юкъахь
вовшашна резахилар ду.
10 Адамна шена бен ца бевза шен даг чуьра бала,
иштта цуьнан синкъераме хиларан бахьана а
кхечунна хуур дац.
11 Іесачу стеган цІа дакъазадер ду, ткъа догцІена
болчийн хІусамаша заза доккхур ду.
12 †Стагана нийса хеташ болу некъ хила мега,
амма иза тІаьххьара а Іожалле кхочу.
13 Стаг ша воьлучу хенахь а баланехь хила мега.
Сакъерадалар дІадолу, амма бала цунна буьсу.
14 Нийсачу новкъа тІера дІаваьлларг ша мел
динчу вонах вузур ву, ткъа дикачу стагана ша
леллачу некъана совгІат дийр ду.
15 Сонтаниг шега мел аьллачух теша, ткъа
хьекъале верг хІорра а ша ечу гІулчан ойла еш
хуьлу.
16 Хьекъале стаг хІуманах ларлуш а лела, вочух
гена а волу, ткъа сонтаниг хьераваьлла а, шех тІех
тешаш а лела.
17 Сиха оьгІазвоьдучо шегара гІалат долуьйту,
ткъа мекара стаг нахана ца веза ††.
18 Боданечу нахана сонталла кхочу, ткъа
хьекъалечу нахана, *таж* санна, хаарш кхочу.
19 Вон нах дикачу нахана хьалха охьатеІаш лелар
бу, ткъа Іесачу наха хьаналчу нехан кевнашкахь гІо
доьхур ду.
20 Къен стаг шен уллорачарна а ца веза, ткъа
хьалдолчу стеган дуккха а доттагІий хуьлу.
21 Шена уллорачух ца вешачо къа латадо, ткъа
къечаьрца къинхетаме верг декъала ву.
22 Вониг дан кечвелларг тилавелла ца вогІу те?
Амма диканиг дан кечвелларг безаме а, тешаме а
ву.
23 Деш долчу муьлххачу а гІуллакхо са яхьа, ткъа
даьсса къамелаш къоьллина бен ца кхочу.
24 Хьекъале волчун таж – хьал ду, ткъа сонтачунна
сонталла кхочу.
25 Бакъдерг дуьйцуш волчу тешо синош
кІелхьардоху, ткъа аьшпаш буттучу тешо Іехаво.
26 Везачу Эле ларамах вуьзна хиларо чІогІа
маршо ло, стеган берашна иза дІалечкъийла хир
ю.
27 Везачу Эле ларамах вуьзна хилар дахаран
хьоста санна ду, иштта цо Іожаллин гурах а ларво.
28 Халкъ алссам хилар паччахьан сийлалла ду,
ткъа халкъ кІеззиг хилар баьччанан докъазалла ю.
29 Собар долчу стагехь дуккха а хьекъал ду, ткъа
оьгІазъоьхучо шен сонталла гойту.
30 Эсалчу даго дегІана дахар ло, ткъа адаме хьагІ
хиларо даьІахкаш яхкайо.
31 Къечу стеган дог дохочо иза Кхоьллинарг ца
лору, ткъа гІо оьшучунна гІо дийриг Цуьнан
сийдеш ву.
32 Іеса стаг цо дина вонаш бахьана долуш
дІатоттур ву, ткъа дикачу стеган, шена Іожалла
тІехІоьттича а, догдохийла ю.
33 Хьекъалалла хьекъал долчуьнгахь ду, цо
сонтачарна юкъахь а ша гойту ‡.
34 Нийсоно халкъан сий хьалаойу, амма къинош
халкъан юьхьІаьржо ю.
35 Шен хьекъалечу ялхошна паччахь резахуьлу,
ткъа цуьнан оьгІазалла эхье лелаш болчу ялхошна
тІейоьрзу.

15 Эсала жоп даларо оьгІазвахар дІадоккху,
амма кІоршамечу вистхиларо стеган дералла
марсайоккху.
2 Хьекъалечу нехан къамело хааршна
тІекхачаран лаам ло, ткъа сонтачеран маттера
сонталла бен ара ца йолу.
3 Везачу Элан бІаьргашна муьлххачу а меттехь го,
Цо тергам бо вочу а, дикачу а адаман.
4 Дарбане мотт – дахаран дитт ду, ткъа харц
луьйш болчу матто адаман дог дохадо.
5 Сонтачо ша дас низаме валор дІатотту, ткъа ша
нисвойтуш верг хьекъале ву.
6 Дикачу стеган хІусамехь йоккха хазна ю, ткъа
Іесачу стага йоккхучу сано бала бахьа.
7 Хьекъалечу стага хаарш даржадо, ткъа сонтачу
стагах лаьцна и саннарг ала йиш яц.
8 Везачу Элана Іесачу стага доккхуш долу сагІа ца
деза, амма догцІеначун доІане Цо резахиларца
ладугІу.
9 Везачу Элана ца деза Іесачу нехан некъаш, ткъа
нийсачу новкъахула леларш Цунна беза.
10 Нийсачу новкъара дІаваьллачунна чІогІа таІзар
дийр ду, ткъа ша нисвар ца дезаш верг лийр ву.
11 Эхартахь а, хІаллакьхиллачийн дуьненахь а
дерг Везачу Элана хууш хилча, адамийн дегнашна
чохь дерг а къайлаха дац Цунна.
12 Нахах кхаьрдачунна ша нисвар ца деза,
хьекъал долчарах дага ца волу иза.
13 Синкъерамечу даго стеган юьхь-сибат а
синкъераме до, ткъа, дог баланехь хилча, са а
сингаттаме хуьлу.

† 14:12 Кицанаш 16:25. †† Іебархойн тептар тІехь: *ткъа мекара стаг нахана ца веза. *Грекийн гочдар тІехь: *амма хьекъал дерг собаре хуьлу.*

‡ Іебархойн тептар тІехь: *цо сонтачарна юкъахь а ша гойту. *Грекийн гочдар тІехь: *ткъа сонтачарна юкъахь цо ша ца гойту.*

14 Хьекъалечу стеган дог хаарш лоьхуш хуьлу,
ткъа сонтачун багано иза сонталлех вузу.
15 Къен стаг массо а хенахь гӀайгӀане хуьлу, ткъа
самукъане дог долчаьргахь массо а хенахь той
лаьтта.
16 КӀезиг хӀума а долуш, Везачу Эле болчу ларамах
вуьзна хилар гӀоле ду, шортта хьал а долуш,
гӀайгӀане хуьлучул.
17 Юкъахь безам а болуш, хасстоьмех йина яа
хӀума яар гӀоле ду, цабезам кхоллабеллачохь ховха
жижиг дуучул.
18 КӀоршамечу стага девнаш доху, ткъа собаре
волчо дов дохадо.
19 Малончин некъ кӀохцалан керт санна бу, ткъа
догцӀеначу стеган некъ шера бу.
20 Хьекъалечу кӀанта шен да воккхавоьйту, ткъа
сонтаниг ненах ца вешаш лела.
21 Хьекъал доцург шен сонта леларх воккхавеш
хуьлу, ткъа хьекъал дерг нийсачу новкъахула лела.
22 Дагавалар а доцуш дина гӀуллакх кхочушхир
дац, ткъа хьехамчаш алссам а болуш динарг хилла
дӀахӀуттур ду.
23 Ма ирсе хуьлу нийса жоп луш верг, мел дика
хуьлу-кх шен меттехь аьлла дош а!
24 Хьекъалечу стеган некъ ирхенга, дахаре,
боьдуш бу. Охьабоьдучу новкъара иза дӀавоьрзу,
эхарта ца кхачархьама.
25 Курачеран цӀа Везачу Эло дохадо, амма йисина
Ӏаш йолчу зудчун цӀа Цо лардо.
26 Вочу нехан ойланаш Везачу Элана ца еза, ткъа
дика дешнаш Цунна тамехь ду.
27 Харц пайда лоьхуш волчо шен цӀа
дакъазадоккхур ду, ткъа кхаьънаш ца дезарг вехар
ву.
28 Дикачу наха шаьш жоп далале ойла йо, амма
Ӏесачу нехан багара воνиг долу.
29 Ӏесачу нахана генахь ву Веза Эла, ткъа дикачу
нехан доӀа Цунна хезаш ду.
30 Самукъанечу стага шена уллохь болчеран
дегнаш иракарахӀиттадо, дикачу хаамо нехан
догӀмаш дайдо.
31 Дахарх лаьцна бехк баккхаре ладугӀуш волчун
Ӏаш йолу меттиг хьекъал долчарна юкъахь ю.
32 Шега бехк баккхар дӀатоттучун шех дог долу,
ткъа ша нисваре ладугӀучунна хьекъалалла карадо.
33 Везачу Эле ларамах вуьзна хиларо хьекъалалла
хьоьху, ткъа сийлаллина хьалха эсалалла хуьлу.

16 Дагахь лерина ойла адаман ю, ткъа багахь
делла жоп Везачу Элера ду.
2 Стагана ша массо а хӀуманна тӀехь нийса хета,
амма цуьнан деган Ӏалашонийн барам Везачу Эло
бусту.
3 Айхьа мел дийриг Везачу Элан кара дӀало,
тӀаккха хьо дан воллург кхочушхир ду.
4 Везачу Эло мел диначун шен-шен Ӏалашо ю,
ткъа Ӏеса нах къематденна лерина бу.
5 Везачу Элана дегаза хета хӀора ша лакхара
хетарг – шеко йоцуш таӀзар даза буьсур бац уьш.
6 Нахе болу безам а, тешаме хилар а бахьана
долуш къинош дӀадоху. Везачу Эле ларамах вуьзна
хилар бахьана долуш стаг вонах генаволу.
7 Адаман некъаш Везачу Элана дезаш хилча, Цо
цуьнан мостагӀий а тӀетабо.
8 Жимма а хӀума бакъдолчуьнца гулдар гӀоле ю,
харцонца дуккха а хьал гулдарал.
9 Стага шен даг чохь хӀума дан лору, амма Везачу
Эло цуьнан гӀулчаш билгалйоху.
10 Паччахьан дош Делан цӀарах ду, кхел ечу
хенахь цо харцонца ца дуьйцу.
11 Нийса терза а, терзанна тӀера кедаш а – Везачу
Элера ду, Цуьнгара ю тӀоьрмаг чуьра ерриг
герканаш а.
12 Паччахьашна дегаза хета Ӏесалла, хӀунда аьлча
церан паччахьалла нийсонца лаьтташ ду.
13 ЦӀеначу дагара аьлла дешнаш тамехь ду
паччахьашна, бакъдерг дуьйцург лору цара.
14 Паччахьан оьгӀазалла Ӏожаллин хаамча санна
ю, амма хьекъал долчо иза тевийр ву.
15 Паччахьан сирлачу хьажарехь – дахар ду,
цуьнан дика хилар – бӀаьста сатийсинчу догӀанца
еана марха санна ду.
16 Хьекъалалла гулдар дешил дуккха а деза ду,
ткъа кхетам шорбар уггар а дикачу детил а деза ду.
17 Дикачу нехан некъ – вочу хӀуманна
нацкъарвалар ду, шен некъ ларбечо шен са а
лардо.
18 Стаг дакъазавалале цуьнга куралла юссу, ткъа
деза деттаро ког тасаболуьйту.
19 Эсалчу синца къечарна юкъахь вахар гӀоле ду,
курачу нахаца цхьаьна хӀонс йоькъучул.
20 Хьекъалаллица шега бохучуьнца лелаш
волчунна аьтто карор бу, ткъа Везачу Элана
тӀетевжаш верг декъала хир ву.
21 Стаг хьекъал долуш хилча, иза кхечарна хуур
ду, ткъа эсалчу дешнашца нах дико къарлур бу.
22 Хьекъал долчарна хьекъалалла дахаран шовда
санна ду, ткъа сонтачарна сонталлица таӀзар до.
23 Хьекъал долчун даго цуьнан мотт кхин а
хьекъалалла долуш бо, цо аьлларг кхин а къарбеш
хуьлу.
24 Тамехь долу къамел алхашна чуьра моз санна
ду, иза стеган дагна мерза ду, ткъа цуьнан
даьӀахкашна дарбане а ду.
25 †Стагана нийса хеташ некъ хила мега, амма иза
тӀаьххьара а Ӏожалле кхочу.
26 ХӀума яаран лаамо белхалочуьнга
къахьоьгуьйту, ша меца хиларо цуьнга болх бойту.
27 Вочу стеган воνиг дан ойла кхоллало, цуьнан
къамел йогу цӀе санна ду.
28 Ямартчу стага нахана юкъа къийсамаш кхуллу,
эладитанчо доттагӀашна юкъахь питана тосу.
29 Къизачу стага уллора нах мекарлонца шена тӀе
ийзабо, цо уьш харцнекъахула дӀа а буьгу.
30 БӀаьрг теӀош волчун дагахь мекара ойла ю.
Балдаш къовлуш волчо воνиг дан сацам бина.

† 16:25 Кицанаш 14:12.

31 Къежвалар – сийлаллин *таж* ду, нийсо лелоран
дахарна совгIат ду иза.
32 Собаре хилар гIоле ду тIемало хиларал,
собарениг гIала схьаяьккхинчул а тоьлу.
33 Цхьа хIума шаьш дале, наха кхаж тосу, амма цу
хIуманан тIаьхье Везачу Элехь ю.

17 Карахь дакъаделлачу баьпкан дакъа а
долуш, машарехь вахар гIоле ду, хьолах
дуьзначу цIа чохь барт боьхна вехаш хиларал.
2 Хьекъал долчу ялхочо хьоладен харцахьарчу
кIантана тIехь олалла дийр ду, ткъа олахо веллачул
тIаьхьа вежарийн санна долу дакъа кхочур ду
цунна.
3 Дети кеда чохь цIандо, деши кхерчахь зело,
ткъа адамийн дегнаш Везачу Эло зоь.
4 Вочу адамо зуламе къамелаш дIалоцу, ткъа харц
луьйш волчо кхечеран аьшпашка ладугIу.
5 Мискачух белар дечо иза Кхоьллинарг ца лору.
Вочу хIуманах воккхавеш верг таIзар ца деш
вуьсур вац.
6 Баккхийчийн *таж* церан кIентийн кIентий бу,
ткъа берийн сийлалла церан да-нана ду.
7 Сонтачуьнгахь кура къамелаш ца тов, ткъа
баьччехь харцкъамелаш а ца тов муххале а.
8 Иза луш болчун бIаьргашкахь кхаъ бозбунчин
молха санна бу. Ша мел лелош волчун аьтто боккху
цо.
9 Стагера даьлла долу гIалат къайладоккхуш
волчо безам лоьху, ткъа и гIалат дагадоуьйтучо
шен доттагIа шена генавоккху.
10 Хьекъалечунна шега баькkхина бехк боккха
хета, сонтачунна шена бIозза тоьхна гIаж хетачул
а.
11 Вочу стага аьрхалла бен ца лоху, цундела къиза
геланча воккхур ву цунна дуьхьал.
12 Стагана шен кIорнех яьккхина йолу стен ча
дуьхьал ялар гIоле ду, шен сонталлица сонта стаг
дуьхьал кхетарал.
13 Диканна дуьхьал вон дечу стеган хIусамера вон
цкъа а дIадер дац.
14 Дов дIадолор, хи чухьадар санна, хIума ду. Иза
кхин гена далале сацор гIоле ду.
15 Iесаниг бехказаваккхар а, хьаналниг бехкевар а
– и ший хIума а Везачу Элана дегаза хета.
16 Iовдалчу стагана ахча стенна оьшу?
Хьекъалалле кхача цуьнан хьекъал а ма дац.
17 ДоттагIчунна шен доттагIа массо а хенахь веза.
Ваша вон тIедеанчу ханна вина ву.
18 Хьекъал доцучу стага бен кхечу стеган декхарх
жоп луш куьг лоцур дац.
19 Къовсавалар дезаш волчунна къинош летор а
деза. Ша лакхара дуьйцуш волчо лаха охьавожар
лоьху.
20 Ямартчу дагна дика карор дац, харцлуьйш болу
мотт воне кхочур бу.
21 Хьекъал доцу кIант волу да сингаттаме хуьлу,
Iовдалчун да цкъа а ирсе хир вац.
22 Ирсе хилар дарбане молха санна ду, ткъа
сингаттам стаг вакъош йолу цамгар санна бу.
23 Iесачу стага четара кхаъ схьаоьцу, нийса еш
йолу кхел харцахьа ерзорхьама.
24 Хьекъал долчу стага шен бIаьргаш хьекъалалле
берзабо, ткъа сонтачун бIаьргаш маьI-маьIIе
хьоьжуш хуьлу.
25 Сонта кIант шен дена гIайгIа ю, иза шен нанна
къаьхьалла а ю.
26 Бехк боцучу стагана гIуда тохар а дика дац,
иштта дикачу стагана серий деттар а нийса дац.
27 Хьекъал долчо ша олуш долу дош лардо, кхетам
берг сиха оьгIаз а ца воьду.
28 ХIумма а ца олуш Iаш волу сонта стаг а хьекъал
долуш санна хета тарло. Нахана хIумма а ца олуш
Iаш волу стаг хьекъале хета.

18 Ша кхечарах дIакъастийнарг шена луъург
дан лууш хуьлу. Хьекъал мел дерг дIатотту цо.
2 Сонта стаг хIуманех кхета лууш ца хуьлу – шен
хьекъал дIагайта бен лууш вац иза.
3 Iеса стаг схьавеача, дола хетар а цунна тIаьхьа
догIу, ткъа сийсазаллица цхьаьна юьхьIаьржо а
хуьлу.
4 Хьекъалалла долчу стеган дош, кIоргачу хи
чуьра санна, схьадолу, цу дешан бух хьекъалаллин
татол чуьра хьалаболуш бу.
5 Кхел ечу хенахь дика дац Iесачу стагана
озабезам гайтар, и хIума дарца хьаналчу стагана
нийса кхел ца йойтуш.
6 Сонтачу стеган багано дов доккху, цо аьлларг
бахьана долуш буй тохар а хуьлу.
7 Сонтачу стеган мотт – цуьнан дакъазавалар бу,
цо мел олург – цунна хIоттийна гур бу.
8 Эладитане дешнаш мерза даар санна хуьлу. Уьш
нийсса адаман кийра дуьссу.
9 Балха тIехь мало йийриг а, хIуманаш йохош
верг а цхьана доьзалера ву.
10 Веза Эла – дика йина бIов санна ву: хьанал стаг,
Цунна тIе кхаьчча, кхерам боцуш хуьлу.
11 Хьал долчун бахам чIагIйина гIала санна хуьлу
цунна. И бахам шена гонах хIоттийна боккха пен
санна хета цунна.
12 Курачу стеган дог, цуьнан вожар хилале,
ирхдоьду, ткъа ша лахара хеттачул тIаьхьа стеган
сий хьаладер ду.
13 ХIумане ла а догIале жоп луш волу стаг сонта ву,
цунна тIе эхь догIу.
14 Стеган сино, иза цомгуш хилча, цу цамгарх тола
ницкъ ло, амма доьхна са лалург мила хир ву?
15 Хьекъал долчу стеган даго хаарш лоху, шен
лергашца хааршка ладогIа кийча ву иза.
16 Стага деллачу совгIато цунна хьалха некъ
дIабосту, цуьнгахула баьччанашна хьалха хIотта
мегар ду цунна.
17 Хьалха вистхилларг массарна а бакъ хета, кхин
цхьаъ схьа а веана, шен хаттаршца шеко кхолла
волаваллалц.

[18] Кхаж тасарца къовсам а къастабо,
хьалдолчеран дов а сацадо.
[19] ОьгIазвахана волу доттагIа меттавало хала ду,
чIагIйина гIала яккхарал а. Вовшашца даьлла дов
гIалин кевнна тоьхначу догIанал а чIогIа хуьлу.
[20] Адамо аьллачух цуьнан шен са дузу. Шен
дешнашкахула мел хилийтинчух Iебар ву иза.
[21] Дахар а, Iожалла а стеган маттах доьзна ду.
Цундела вистхила дезаш верг аьллачун тIаьхье
тIелаца а кийча хила веза.
[22] Дика зуда карийнарг декъала ву. Иза караяр цу
стагана Веза Эла резахиларан билгало ю.
[23] Къен стаг дехар деш вистхуьлу, ткъа
хьалдолчун жоп кIоршаме хуьлу.
[24] ДоттагIий дукха хиларо вохарна тIевалаво,
амма бакъволу доттагIа хилча, иза вешил а уллора
хуьлу.

19 Къен а волуш, кхоччуш цIена лела стаг гIоле
ву, харц луьйш волчу стагал – иза-м сонтаниг
ма ву.
[2] ХIуманах доллург а ца хууш, иза кхочушдан
гIертар дика дац. ХIуманна тIехь сихлуш волчун ког
тасабаларна кхерам бу.
[3] Сонта хиларо стеган некъ талхабо, амма шен даг
чохь цо Дела бехкево.
[4] Хьоло доттагIий доьбуьйту, ткъа къен верг шен
доттагIчо а вуьту.
[5] Харцтоьшалла динарг таIзар ца деш вуьсур вац,
аьшпаш буттург а маьрша паргIатвер вац.
[6] Дуккхаболу нах хьолахошна хьесталуш лела,
хIорра а совгIаташ дечун доттагIа хила лууш а
хуьлу.
[7] Къен стаг шен гергарчарна ца веза – цул сов,
доттагIий а дIабоьрзу цунах. Царна тIаьхьа а
ваьлла, цо цаьрга гIо мел дехарх, царна иза хезар
вац.
[8] Хьекъалалле кхача лууш волчунна шен са деза.
Хьекъалаллица лелаш верг дикане кхочур ву.
[9] Харцтоьшалла динчунна таIзар дийр ду, ткъа
харцдерг дуьйцуш верг а хIаллакьхир ву.
[10] Сонтачунна хьал долуш вахар ца догIу, ткъа
элашна тIехь куьйгалла дар лега данне а ца догIу.
[11] Адаман хьекъалалло иза сихха оьгIаз ца
вохуьйту. Шена дина зулам дукха даре ца деш
дитаро адаман сий до.
[12] Паччахьан дарвалар лоьмо гIигI дар санна
хуьлу, ткъа цуьнан резахилар – бацана тIе диллина
тхи санна ду.
[13] Сонта кIант – шен дена докъазаллина хуьлу,
ткъа къийсалуш йолу зуда – ца соцу ладар санна ю.
[14] Стеган хIусам а, бахам а – дайх дисина хуьлу,
ткъа хьекъал долу зуда Везачу Элера ю.
[15] Малоно наб йоуьйту, ткъа хIуманна бала ца
хиларо мацалле кхачаво.
[16] Шена тIедиллинарг кхочушдечо дахар лардо,
амма некъаш ца къестош верг хIаллакьхир ву.
[17] Мискачунна дина дика Везачу Элана делла
духалург ду, ткъа Везачу Эло иза цунна юхадерзор
ду.
[18] ТаIзар дарца нисве хьайн кIант, цо цунах пайда
эцаре сатийса йиш хилча. Ахь иза нис ца вахь,
цуьнан Iожаллина бехке хир ву хьо.
[19] Сихха оьгIазвоьдург жоьпе озор ву. Цкъа иза
баланах паргIатваьккхича, кхин а изза дан дезар ду
хьан.
[20] Хьайна дечу хьехаршка ла а дугIуш, Iама,
хиндолчу цхьана дийнахь хьо хьекъале хир ву.
[21] Кхочушдан лерина хIуманаш стеган даг чохь
дукха хуьлу, амма Везачу Эло сацийнарг бен
кхочуш хир дац.
[22] Уггар чIогIа лоруш дерг тешаме хилар ду,
цундела къен хилар гIоле ду, харцлуьйш хиларал.
[23] Стаг Везачу Эле болчу ларамах вуьзна хилча,
цунна дахар карор ду. Синтем а болуш, буьйса
йоккхур ю цо, вон цунна тIе догIур дац.
[24] Малончо, шуьнна тIе а кхевдина, ша
схьаэцнарг шен бете хьала а ца кхачайо.
[25] Кхаьрдаш волчу стагана таIзар дича, бодане
нах а меттабогIу, ткъа хьекъал долчух бехк
баьккхича, цуьнан кхетам совбер бу.
[26] Шен деца кIоршаме а волуш, шен нана
дIалоьллуш верг юьхьIаьржачу хIуттуьйту а, эхь
тIедоуьйту а кIант ву.
[27] Сан кIант, бехк баккхаре ладогIа хьо сацахь,
хаарш лучу хьехамна тIера хьо дIаволу.
[28] Тешаме воцу теш нийса кхел ярх кхаьрда, ткъа
Iесачу стага зуламе мел дерг дIакхоллу.
[29] Кхаьрдаш болчу нахана таIзарш кечдина ду,
ткъа сонтачеран баккъашна гIаж а кийча ю.

20 ЧагIаро бага лен йоккху, къаьркъано мотт
галбоккху. Цара тилийна мел верг хьекъал
доцуш ву.
[2] Паччахьан дарвалар лоьмо гIигI дар санна
хуьлу. Иза дарволуьйтуш волчо шен дахарна
кхерам тIебоуьйту.
[3] Къовсавалархьа ларвалар – ларамe хIума ду, ткъа
муьлхха а сонта стаг къовсавала кийча ву.
[4] Малончо дан деззачу хенахь охана ца до,
цундела цунна ялта чудерзочу хенахь хIумма а
карор дац.
[5] Адаман даг чохь дерг кIоргачу гIунна чохь долу
хи санна ду, ткъа кхетамечу стаге и хи
хьаладаккхало.
[6] Дуккхадолчу адамаша шаьш тешаме хиларх
лаьцна дуьйцу, амма билггал тешаме верг каро
хала ду.
[7] Хьанал стаг кхоччуш цIеначу новкъахь лелаш
ву. Цуьнан тIаьхьенах долу бераш мел декъала хир
ду!
[8] Кхел ян охьахиинчу паччахьан бIаьргашна
дерриг а вон а, дика а гуш хуьлу.
[9] Хьан эр ду те: «Сан даг чохь со цIена ву, со сайн
къинойх цIанвелла»?

10 Харц терза лелор а, харц саьхьаца озар а – ший
а Везачу Элана дегаза хета.
11 Ур-атталла бер а девза цо дечу
гӀуллакхашкахула – цо лелош дерг цӀена я Ӏеса
хиларехула.
12 ХӀума хезаш долу лергаш а, хӀума гуш долу
бӀаьргаш а – ший а Везачу Эло кхоьллина ду.
13 Наб езаш волчунна тӀе къоьлла йогӀур ю, амма
стаг сема хилахь, кхачанах вуьзна лелар ву иза.
14 Хьоьгара цхьа хӀума оьцуш волчо даим а олу:
«ХӀара хӀума дукха дика а яц, кхунах дукха а доьху»,
амма хьуна юьстахволлушехь, цо ша бина мах
бахьана долуш дозаллаш до.
15 Деши а ду, жовхӀарш а дукха хуьлу, амма
хьекъале вистхилар дезо ду.
16 Хийрачу стагах дош далар нислахь, цуьнгара
бедар яккха. Закъалтана йита иза, ца вевзачу
стагах цо жоп луш хилча.
17 Мерза хуьлу харцонца даьккхина бепиг, амма
иза багахь жагӀа хилла дӀахӀутту.
18 Хьехаре ла а дугӀуш, хӀума кхочушдан кечло.
ТӀом болабале, нахах дагаволуш хила.
19 Эладита деш волчо къайлаха дерг а дӀадуьйцур
ду, цундела дукха луьйш волчун доттагӀа ма хила.
20 Дена а, нанна а стага неӀалт олуш хилча,
цуьнан дахаран серло Ӏаьржачу боданехь дӀайовр
ю.
21 Юьхьанца сихха карабеана бахам тӀаьхьо
декъала хир бац.
22 «Ас бекхам бийр бу вон диначунна», – ма ала.
Везачу Эле хьоьжуш хила, Цо хьо кӀелхьарвоккхур
ву.
23 Дегаза хета Везачу Элана нийса йоцу герканаш,
ткъа харц лело терзанаш Ӏеса хӀума ду Цунна
гергахь.
24 Адаман гӀулчаш Везачу Элера хуьлу дела, шен
некъ стаге муха къасталур бара?
25 Нагахь санна сихвеллачохь стага Везачу Элана
цхьа хӀума дӀаяла чӀагӀо яхь, амма цунах лаьцна
тӀаьхьо бен ойла ца яхь, иза цунна гур санна ю.
26 Хьекъалечу паччахьо, Ӏеса нах Ӏора а баьхна,
хьийзаш йолу чкъург царна тӀе хоьцур ю.
27 Стеган са – Везачу Элан стогар бу. Адаман оцу
синехула дагахь дерг толлу Везачу Эло.
28 Безамо а, тешаме хиларо а паччахь ларво, ткъа
ца соцучу безамца цуьнан паччахьалла чӀагӀдо.
29 Кегий нах шайгахь болчу ницкъо хазбо, ткъа
баккхийчу нахехь церан къежбалар тов.
30 Еттаро а, чевнаша а стаг вонах цӀанво, цо
текхначу балано цуьнан дог а цӀандо.

21 Паччахьан дог Везачу Элан карахь ду, хорша
чуьра хи санна, Шена луъучу метте дӀахьажо
йиш ю Цуьнан иза.
2 Шен бӀаьргашкахула стагана дерриг а шен
некъаш нийса хета, амма Веза Эла цуьнан дог
зуьйш ву.
3 Бакъдерг а, нийсо а лелор Везачу Элана тамехь
ду, сагӀанаш дохучул.
4 Адам сийсаздоккхуш долу бӀаьргаш а, кура дог а
– Ӏесачу нехан дахарехь къилахь хӀума ду.
5 Хьаналчу стеган Ӏалашонаша иза шортонна тӀе
кхачаво, ткъа сиха леларо адам къоьлли тӀе
кхачадо.
6 Харцлерца гулдеш долу хьал Ӏожалла
лоьхучеран сихха къайлайолу Ӏаь санна ду.
7 Ӏесачу наха еш йолчу къизалло уьш шаьш
дакъазабоху, хӀунда аьлча царна нийсонца лела ца
лаьа.
8 Харцонца лелаш волчун некъаш галморзаха
дуьйлуш хуьлу, ткъа хьаналчу стеган лелар нийса
хуьлу.
9 Шерачу тхевнна тӀехь сонехь Ӏар гӀоле ду,
къийса лууш йолчу зудчуьнца цхьаьна цӀа чохь
Ӏачул.
10 Вон стаг вонаш лело лууш хуьлу, цо шена
уллорачух къинхетам а ца бо.
11 Кхечу нахах кхаьрдаш волчунна ахьа таӀзар
дича, бодане нах а хьекъалалле кхочур бу. Хьекъал
долчунна ахьа хьехар дича, цуьнан хаарш совдевр
ду.
12 Нийса лелаш волу Дела Ӏесачеран цӀенош
тергал деш хуьлу, Цо дакъазабоху Ӏеса нах.
13 Мискачара доккху орца хезча, шен лергаш
дӀакъовлуш волчунна, цо орца доьхуш мохь
хьаькхча, цхьа а стаг цунна орцах вер вац.
14 Къайлаха динчу совгӀато оьгӀазалла дӀайоккху.
Цхьанна а ца хоуьйтуш беллачу кхоо оьгӀазвахар
дӀадоккху.
15 Нийсонца йинчу кхело хьаналчу нахана
хазахетар дахьа, амма харцонаш лелораш цо
къемате кхочуьйту.
16 Хьекъал долчун некъа тӀехь тилавелларг
беллачеран дуьнен чохь соцур ву.
17 Сакъерар дезачунна къоьлла тӀейогӀур ю.
ЧагӀар а, токхе кхача а безарг цкъа а хьал долуш
хир вац.
18 Хьаналчеран метта, бохам Ӏесачарна тӀе богӀур
бу, ткъа догцӀеначеран метта, иза тешаме
боцучарна тӀе богӀур бу.
19 Яьссачу арахь вахар гӀоле ду, къийсаяла а,
яппарш ян а луучу зудчуьнца вехачул.
20 Хьекъалечун цӀа чохь дика кхача а, деза даьтта
а хуьлу, ткъа сонтачо шен ерг а чӀанайоккху.
21 Массо а хенахь нийсонца а, безамца а леларна
тӀегӀерташ верг дукхха а вехар ву, цуьнца нийса
лелар ду, цундела цуьнан сий дийр ду.
22 Хьекъал долчуьнга ницкъболчаьргара гӀала а
схьаяккхало, церан бӀобулуш хилла долу пенаш а
дохало.
23 Шен бага а, мотт а ларбечо ша вочу хӀуманах
кӀелхьарвоккхур ву.
24 Кхечу нахах кхаьрдарг кура а, ша лакхара хеташ
а ву. Доза доцуш долчу куралллица лелаш ву цу
тайпана стаг.
25 Малонча шен лаамаша хӀаллакво, хӀунда аьлча
цуьнан куьйгаша болх бан ца туьгу. 26 Де дийне мел

долу, цу сутаралло са доу цуьнан, ткъа хьаналчу
стага шен долахь дерг, кхоа а ца деш, дӀало.
27 Везачу Элана ца деза Іесачу наха дохуш долу
сагӀанаш, уьш мекарлонца дохуш хилча – муххале
а ца деза.
28 Харцтоьшалла дийриг хӀаллакьхир ву, ткъа
дикка ладоьгӀна волчу тешо чаккхенна тӀекхаччалц
дуьйцур ду.
29 Іесачу стага моттаргӀанаш лелайо, ткъа
хьаналчу стага ша лелачу некъан ойла йо.
30 Цхьа а хьекъалалла а, я кхетам а, я Іалашо а
лаьттар яц Везачу Элана дуьхьал.
31 ТІом болучу дийнахь говр кечйо, амма толам
Везачу Элера бу.

## 22

Стеган дика цӀе яккхар хьал долуш хуьлучул
а деза ду. Нехан ларам детил а, дешил а беза
бу.
2 Хьал долуш верг а, къен верг а, ишттачу хӀумане
хьаьжжина, цхьатерра ву: и ший а Везачу Эло
кхоьллина ву.
3 Хьекъал долчо, бохам хир бу аьлла шена хетча,
цунах ша ларвойту, ткъа бодане нах, нийсса цу тӀе
боьлху дела, жоьпе озабо.
4 Кхечарал ша лахара а хеташ, Везачу Эле болчу
ларамах стаг вуьзна велахь, цунна хьал а, сий а,
дика дахар а хуьлуьйтур ду.
5 Зуламечу нехан некъашна тӀехь коканаш а,
гураш а хуьлу, амма шен дахар дезаш верг цига
гӀур вац.
6 Жима долчу хенахь Іамаде бер нийсачу
новкъахула лела – иза, доккха хилча, цу некъа
тӀера дӀадер дац.
7 Хьал долуш волчо къечу нахана тӀехь олалла до.
Юхалург хӀума оьцуш верг и хӀума лучун ялхо
хуьлу.
8 Зуламан хӀу тосучо бохаман ялта гулдийр ду,
ткъа кхечарна цо еш йолу гӀело чекхъер ю.
9 Декъала хир ву комаьрша стаг, хӀунда аьлча цо
шен кхача къечу нахаца боькъу.
10 ДӀалалла шайна уллора нахах кхаьрдарг, иза
дӀаваханчул тӀаьхьа вовшашка болу цабезам а,
девнаш а, бага еттарш а дӀадевр ду.
11 ДогцӀеналла езаш а, маттана шера а хьо велахь,
паччахь хьан доттагӀа хир ву.
12 Везачу Эло бакъдолу хаарш лардо, ткъа
харцнехан дешнаш Цо дакъазадоху.
13 Малончо олу: «Арахь лом ду! Урамновкъахь со
вуьйр ву!»
14 Нахаца лелаш йолчун бага йоккха кӀело санна
ю, Везачу Эло неӀалт аьлларг цу чу вужур ву.
15 Шен даг чуьра дуьйна бер сонта хӀума дан
кийча ду, амма таӀзаран серо цунна тӀера
дӀалоллур ду иза.
16 Шена са яккхархьама къечу стагана гӀело
йийриг а, хьал долчу стагана совгӀаташ дийриг а –
и ший а къоьлле кхочур ву.

### Хьекъале ткъе итт кица

17 Хьекъалалла долчийн дешнийн тидам а бе,
цаьрга ла а догӀа. Ас хьуна Іамор долчун даггара
ойла е, 18 хӀунда аьлча тамехь хир ду хӀара дешнаш
хьайн дагахь латтор а, уьш дӀадийцийта кийча
хилийтар а. 19 Хьуна ас тахана Іамор ду и хьекъале
кицанаш, Везачу Элана тӀетевжаш хьо
хилийтархьама. 20 Ас хьуна ткъе итт хьекъале
аьлларг дӀаяздина, хьекъалаллех а, хаарех а дуьзна
ма ду. 21 Цара Іамор ду хьуна нийса а, бакъ а дерг,
тӀаккха хуур ду хьуна хьо ваийтинчунна нийса жоп
дала.
22 Къечуьнгара иза атта хетарна хӀума схьа а ма
яккха, кхел ечу меттехь декъазачунна гӀело а ма е.
23 Везачу Эло къен болчаьрга гӀо доккхур ду, царна
къола динчарна къола а дийр ду Цо.
24 Сихха оьгӀазвоьдучуьнца гергарло ма леладе,
сиха моха йогӀучарна улло а ма гӀо, 25 церан
некъаш ца Іамархьама а, хьайна гур ца
богӀийтархьама а.
26 Кхечу стагах дош а ма ло, цуьнан декхарш
хьайна тӀе а ма лаца. 27 Уьш хьоьга дӀа ца
такхалахь, ур-атталла хьайн дӀавуьжу мотт-гӀайба а
хьуна кӀелара дӀалоцур бу.
28 Хьайн дайша дӀахӀоттийна болу шира шу дӀа ма
хилабе.
29 Шен говзалла дика хууш волу стаг гиний хьуна?
Цо паччахьашна гӀуллакх дийр ду. Боданечу нахана
гӀуллакх дийр дац цо.

## 23

Айхьа куьйгалхошца хӀума юучу хенахь, хьо
хьаьнца хиъна Іаш ву диц ма де. 2 Дукккха а
хӀума яа хьан лаам хилахь, хьайн логана дуьхьало
хӀоттае. 3 Чам болчу цуьнан кхачанах хьоьгуш ма
хила, хӀунда аьлча цо хьо Іехо мега.
4 Хьал долуш хилархьама, хьайн сих валлалц къа
ма хьега. Болх сацо беза хан йовззал хьекъале
хила. 5 Ахь хьайн бӀаьргаш хьоле дӀахьажошшехь,
цуьнан дукха сиха тӀемаш а довлу, аьрзу санна, иза
стигала хьала а доьду.
6 Саьхьарчу стеган шуьн тӀера яа хӀума ма яа,
цуьнан мерзачу кхачанах вуьзна хила лууш ма
хила, 7 хӀунда аьлча цуьнан са, догӀа а тоьхна,
дӀакъевлина ду. Цо хьоьга: «Яа а яа, мала а мала»
эр ду, амма цуьнан дог хьоьца дац. 8 Айхьа
дӀакхаьллина цуьрг схьаӀеттор ду ахьа, ткъа ахьа
аьлла мерза дешнаш а эрна хир ду хьан.
9 Хьекъал доцучуьнга хӀумма а ма ала, хӀунда
аьлча хьекъалечу къамелах иза воьлур ву.
10 Ширачу заманахь баьккхина шу цкъа а меттах
ма баккха, боберийн кха а схьа ма даккха, 11 хӀунда
аьлча церан нуьцкъала ГӀодаккхархо ву, хьуна
дуьхьал долу гӀуллакх Цо къастор ду.
12 Хьайн дог хӀума Іамарна тӀе дерзаде, хьайн
лергаш хаарш хаза схьаделла.
13 Бер таӀзар ца деш ма диталахь, цунна иза
догӀучохь. ГӀаж еттарца цунна таӀзар дарх бер лийр

дац. 14 Ахь сара беттарца берана таIзар дахь, иза
эхарте кхачарх кIелхьардоккхур ду.
15 Сан кIант, хьо даг чохь хьекъал долуш хилахь,
со даггара ирс долуш хир ву. 16 Сан кийрахь мел
дерг а синкъераме хир ду, хьоьгара суна догцIена
долу дешнаш хазахь.
17 Къа летош болчу нахах ма хьега, амма массо а
ханна Везачу Эле болчу ларамах вуьзна хила.
18 Хьан хиндерг-м хьуна хьалха билггал хир ду, ткъа
хьан сатуьйсийла цкъа а дIадер дац.
19 Ла а догIа, сан кIант, хьекъале а хила, хьайн дог
нийсачу некъа тIе а дерзаде. 20 ТIехдаькккхина
чагIар муьйлучаьрца а, жижиг даар
тIехдоккхучаьрца а гергарло ма леладе, 21 хIунда
аьлча маларш муьйлучунна а, сутара гай долчунна
а къоьлла тIейогIур ю, ткъа наб озоро царна тIе
тIелхигаш юхур ю.
22 Хьо дуьнен чу ваькххинчу хьайн дега
ладогIалахь. Хьайн нене а ларамах вуьзна
хилалахь, иза къанъелча а.
23 Бакъдерг лаха хьайна, цунах дIа ма къаста.
Иштта хьекъалалла а, хьо Iамор а, кхетам а лаха.
24 Хьаналчу стеган да чIогIа самукъадолуш хуьлу.
Нагахь бераш хьекъалалла долуш делахь, да царах
воккхавеш хуьлу.
25 Хьан дай-нааний ирс долуш хуьлийла, хьан нана
самукъадолуш хуьлийла.
26 Сан кIант, дикка тидам бе сан, со лела некъ
тамехь хуьлийла хьуна. 27 Нахаца лела зуда – бух
боцу Iин санна хуьлу хьуна, ткъа шен йоцу зуда –
готта гIу санна хуьлу хьуна. 28 Иза кIело йина Iаш
волу талорхо санна ю, цуьнан леларо божаршна
юкъахь йолу ямартло алсамйолуьйту.
29 Мила ву ахI-ухI деш? Мила ву девнаш дохуш,
аьрзнаш деш? Хьенан ю, мичара яьлла а ца хууш,
бIаьргкIелош Iаржйина? Хьенан бIаьргаш ду,
даьржина хи санна? 30 Уьш чагIарш муьйлучохь
дуккха а хан йоккхучеран, чIогIа маларш
муьйлучеран ду. 31 ЧагIар цIен делахь а, цунах Iеха
ма ло. Иза пхьегIи чохь хаза ловзу, атта мала а ло.
32 Амма цул тIаьхьа цо, мерзлаьхьано санна, це
туху, дIаьвше лаьхьано санна, цергаш а юхку.
33 Хьан бIаьргашна хьалха хийра хIуманаш хир ду,
хьайн дагахь ахь кхетаме доцург дуьйцур ду.
34 Хьуна хьо сихачу хIорда тIехь волуш санна хетар
ду, хьуна хьо хIордкеманан лакхарчу декъехь
Iуьллуш санна хетар ду. 35 Ахьа эр ду: «Цара
йиттира суна, амма суна зе ца дина, чIогIа йиттира,
амма суна иза хаа а ца делира. Со маца самавер ву
те? И малар аса кхин а лохур ду».

24 Вочу нахах ма хьега, цаьрца цхьаьна хила а
ма лаа. 2 Церан дегнаш чохь къиза хIума дан
Iалашо хуьлу, ткъа церан багара схьадолу
къамелаш зуламах дуьзна хуьлу.
3 ЦIенош хьекъалаллица деш ду, кхетам бахьана
долуш ю цуьнан чIогIалла, 4 хааршкахула цуьнан
чоьнаш юзуш ю езачу а, хазачу а хIуманех.
5 Хьекъалалла долуш верг ницкъ болуш хуьлу,
ткъа хаарш дерг чIагIлуш хуьлу. 6 ТIом бан хьайна
лууш хилча, нахах дагавала веза, хIунда аьлча
толам баккха дуккха а хьехамчаш оьшу.
7 Хьекъалалле кхача йиш яц сонтачийн. ГIалин
кевнехь ладаме хIума дуьйцучу хенахь, церан ала
хIума ца хуьлу.
8 Вон дан ойла йолчу стеган, эладитанча ву аьлла,
цIе дIагIур ю. 9 Сонтачу стага дан мел леринарг
къилахь ду. Кхечарах кхаьрдарг дегаза хета нахана.
10 Вон тIедеанчу дийнахь хьо доьналлех
воьхнехь, хьан ницкъ билггал кIезиг бу.
11 Iожаллина тIе буьгуш берш кIелхьарбаха!
Харцбахьанина байа хьаьхна берш бойучуьра
кIелхьарбаха! 12 «Цунах лаьцна ца хаьара тхуна», –
ахь алахь, дегнаш Зуьйшволчо оцу хIуманан тидам
ца бо те? Хьан дахар лардеш Волчунна и хIума дика
хууш ду хьуна! Ша динчу гIуллакхашка хьаьжжина,
стагана доггIург дIалур ду Цо
13 Сан кIант, моз даа, хIунда аьлча иза дика ду.
Алхашна чуьра моз мерза ду хьан маттана.
14 Иштта хьекъалалла а дика ду хьан синна – иза
хаа ду хьуна. Хьекъалалла карадахь, хиндерг хир
ду хьан, ткъа хьан сатуьйсийла цкъа а чекхъер яц.
15 Iеса адам санна, хьаналчу стеган цIенна уллохь
кIелонаш а ма е, цуьнан хIусам а ма йохае. 16 Делан
лаамехь лелаш верг, ворхIазза охьавоьжча а,
хьалагIоттур ву, ткъа Iесанаш – бохамаша охьаэгор
бу.
17 Хьайн мостагIчунна вон тIедеача, сакъераделла
ма хьовзалахь, иза, таса а велла, охьавожахь,
самукъадаьлла а ма лелалахь. 18 Везачу Элана хьан
сакъерадалар дIагича, Иза реза хир вац хьуна,
тIаккха Цо Шен оьгIазалла хьан мостагIчунна тIера
юхайоккхур ю хьуна.
19 Зуламечу нахана оьгIаз а ма эха, Iесачарах
хьега а ма хьега, 20 хIунда аьлча зуламечу нехан
сатуьйсийла яц, Iесачеран чиркх а дIабовр бу.
21 Везачу Элах кхералахь, сан кIант, иштта
паччахьах а кхера, ямартчу нахах дIа а ма кхета,
22 хIунда аьлча хьуна дагахь а доцучу хенахь
цаьргара хьуна бохам бер бу. Хьуна хуур а дац цара
хьайна хIун бала бахьа.

### Кхин а хьекъале кицанаш

23 Кхузахь хьекъалчеран дешнаш кхин а ду.
Кхелахочо озабезам бар дика дац. 24 Бехке
волчуьнга: «Хьо бехке вац», – кхелахочо алахь,
халкъаша цунна неIалташ кхайкхор ду,
къаьмнашна иза дегаза а хетар ву. 25 Ткъа бехке
волчунна кхел йийриг дика хир ву, иза чIогIа
декъал а хир ву.
26 ДогцIеначу дешнашца жоп луш верг бета тIе
доттагIаллин оба йоккхург санна ву.
27 Цкъа хьалха хьайн керт а, хьайн кха а
меттадаладе, цул тIаьхьа цIа дан волало.
28 Бахьана дацахь, хьайн уллорачунна дуьхьал
теш ма хила, хьайн багахула харцдерг ара а ма

далийта. 29 Иштта ма ала: «Иза соьца ма-хиллара,
со а хир ву цуьнца, цунна доггIург дIалур ду аса».
30 Малончин кха долчухула тIехвелира со, иштта
хьекъал доцучун кемсийн бешана уллохула а
тIехвелира. 31 Массо а меттехь тIедаьлла асар дара,
иштта коканийн коьллаш а яра тIеевлла, тIулгех
йина гонахара керт йохийна лаьтташ яра. 32 Цу
массо а хIумане а хьаьжна, аса ойла йира. Сайна
гиначух иштта хьехар хилира суна: 33 †«Жимма
вижина Iуьллур ву со, – боху малончо, – жимма
садоIуш Iийр ву, жимма, куьйгаш тIекIел а дехкина,
Iуьллур ву». 34 Амма хьо волчу къелла, къу санна,
еана схьакхочур ю. Хьан эшар, талорхо санна,
деана тIекхочур ду хьуна.

### Сулим-паччахьан кхидолу кицанаш

25 ХIорш ду Сулим-паччахьан кхидолу
кицанаш, яхIудхойн паччахь волчу Хьузакх-
ЯхIун ялхоша схьагулдина долу.
2 Нах Делан сийдеш бу, Цо цхьадолу хIуманаш
къайладахарна. Нах паччахьан сийдеш бу, цо
хIуманаш талларна.
3 Стигалан лакхалле а, лаьттан кIоргалле а
кхачалург цахилар санна, паччахьан дагах а кхета
йиш яц.
4 Боьхачух цIанде дети, говзанчина кад бан гIирс
лур бу ахьа. 5 Паччахьна уллора Iеса стаг
дIаваьккхича, нийсонехь чIагIлур ду цуьнан
паччахьалла.
6 ††Паччахьна хьалха айхьа хьо хеста а ма ве,
сийлахь болчийн метта охьа а ма хаа. 7 «Схьавола!»
– аьлла, паччахьо хьо тIекхайкхича дика хир ду,
цхьана элана хьалха хьо сийсазваьккхина
хуьлучул.
Хьан бIаьргашна гинарг бахьана долуш 8 стаг
кхеле озо сих ма ло. Ахь хIун дийр дара, хьайна
уллорачо гIуллакх къастийначул тIаьхьа хьо
юьхьIаьржачу хIоттийча?
9 Уллораниг хьайн гIуллакхна кхеле озийча, кхечу
стеган къайле гучу ма яккха. 10 Хьо иштта лелаш
велахь, иза хезначо хьо юьхьIаьржачу хIоттор ву, и
юьхьIаьржо хьо мел веха хьоьца хир ю.
11 Даточу пхьегIи чохь Iуьллучу дашочу Iежех
тера хуьлу доггIучохь аьлла долу дош
12 Хьекъал долчу стеган нисваран дош дашочу
чIагарал а, уггар цIеначу деших динчу туьтел а деза
ду ладогIа хуучу лергана.
13 Ялта чудерзочу хенахь лайн шело санна хуьлу
ша дIахьажийначунна тешаме волу геланча – шен
олахочун дог ойу цо.
14 ДогIа ца луш йолу марханаш а, мох а санна ду,
совгIат дийр ду а аьлла, иза цадар.
15 Собарца куьйгалхочун ойла корчуьйту, ткъа
эсалчу къамело кхоччуш чIогIа йолу ойла а хуьйцу.
16 Хьайна моз карадахь, шен барамехь даа иза,
тIех дукха а диъна, и моз схьа ца Iетторхьама.
17 Иштта хьайн доттагIчун цIа эхар а лагIде, хьо
кIорда а вайтина, цуьнан хьайга цабезам ца
кхоллабалийтархьама.
18 Чхьонкар я тур, я ира пха санна хуьлу шена
уллорачунна дуьхьал харцтоьшалла деш волу стаг.
19 Вон тIедеанчу хенахь тешаме воцучунна
тIетовжар – лозуш йолу церг я астагIа ког санна хир
ду хьуна.
20 Баланехь волчу стагана ирсе эшарш лекхар
цуьнгара шийлачу дийнахь тIера бедар схьаяккхар
санна ду, я чевнна тIебутту туьхаберам санна ду.
21 ‡Хьайн мостагIа меца велахь, цунна бепиг ло,
иза хьогах велахь – хи ло: 22 иштта дерг дарца
цуьнан коьрта тIе догуш долу кIегий гулдо ахьа,
ткъа Везачу Эло хьуна ял лур ю.
23 Къилбаседехьара схьахьоькхуш болчу мохо
догIанаш дахьаре терра, эладита дечун матто
оьгIазе хьежар дахьа.
24 Шерачу тхевнан цхьана сонехь Iар гIоле ду,
къийса лууш йолчу зудчуьнца цхьаьна цIа чохь
Iачул.
25 Генарчу махкара болу хаза кхаъ хьогах волчу
стагана шийла хи санна бу.
26 Даьржина хи санна я бехдина шовда санна ву
Iесачу стагана хьалха къарлуш волу дика стаг.
27 Моз тIех даар вон хIума хиларе терра,
нуьцкъаш шен сий дайтар сий хилар дац.
28 Гонахара пен бохийна лаьтташ йолу гIала санна
ву са ца тохалуш волу стаг.
26 Аьхка диллина ло а, ялта чудерзочу хенахь
догIу догIа а санна товш доцуш хуьлу
сонтачун сий дар.
2 Хьоза дIасаэккхар санна а, чIегIардиг дIасаэхар
санна а, иштта бахьана доцуш боьллина болу
сардам, тIех а баьлла, кхочушхир бац.
3 Шад – говрана, дуьрста – вирана, ткъа гIаж
сонтачун букъана лерина хуьлу.
4 Сонтачун сонталле хьаьжжина ма ло жоп, хьо а
цунах дIа ца тарвалийтархьама.
5 Сонтачунна цуьнан сонталле хьаьжжина дала
деза жоп, шен бIаьргашкахь цунна ша хьекъале ву
ца моттийтархьама.
6 Сонтачуьнгахула хабар дохьуьйтуш верг шен
когех дIахедаш я дIовш молуш верг санна ву.
7 Хьекъал доцучун багара долу кица, астагIчун
когаш санна, ледара ду.
8 Сонтачун сий дар ширдолагца тIулг дIабехкар
санна ду.
9 Сонтачун багара долу кица, мелла волчу стеган
куьйгах дахана кIохцал санна, жима хуьлу.
10 Массарна а чевнаш еш, пхерчий кхуьссург
санна ву, сонтаниг я мила ву а ца хууш волу стаг
шена болх байта лоцуш верг.
11 ‡†Шен Iетторашна тIе юхадоьрзу жIаьла санна,
сонтаниг а шен сонталлина тIегIерта.
12 Ша хьекъал долуш вацахь а, ша иштта хеташ
верг сонтачу стагал а оьшу.

† *24:33, 34 Кицанаш 6:10, 11.* †† *25:6, 7 Лака 14:8-10.*

‡ *25:21, 22 Римхошка 12:20.* ‡† *26:11 2 Кипин 2:22.*

13 Малончо олу: «Некъа тIехь лом ду! Экха ду
урамнекъашкахула лелаш!»
14 Шен кIажаш тIехь дIасаетталуш йолу неI санна,
иштта малонча а хуьлу шен меттахь дIасакерчаш.
15 Малончо шен куьг бошхепа тIе хьо, ткъа иза
шен бете хьаладаьхьна валале, иза кIадло.
16 Кхетамца къамелаш дечу ворхIаннал а ша
хьекъале хета малончина.
17 Шен гIуллакх доцучу нехан девнна юккъе
гIортар тIехдолучу жIаьлин лергаш озор санна ду.
18 Хьераваьллачо нах хIаллакбеш кхуьссуш долу
а, догуш долу а пхерчий кхийсар санна хIума ду,
19 шена уллораниг Iеха а вина, цуьнга: «Ас бегаш
бира!» алар.
20 Дечиг дIадаьлча, цIе а дIайов, эладита
чекхдаьлча, дов а дIадолу.
21 КIегашна тIера йовхо хьалайолу, дечигах – цIе
хьалайолу, ткъа къиссавалар дезаш волчун хабар
бахьана долуш дов долу.
22 Лере аьлла дешнаш мерза даар санна хуьлу.
Уьш нийсса адаман кийра дуьссу.
23 Дато басахь долу басар хьаькхначу поппаран
кхабанах тера ву вон дог долу эсала къамелаш
дийриг.
24 Хьо ца везаш волчу стага хесторан къамелаш
дахь а, шен дагахь цо тешнабехк латтабо. 25 Цуьнан
аз эсала делахь а, цунах ма теша, хIунда аьлча
цуьнан дог тIех дегазаллах дуьзна ду. 26 Шен
цабезам иза Iехорца дIалечкъош велахь а, цуьнан
мекарло массарна а гучуер ю.
27 Кхечунна ор доккхург цу ор чу ша вужур ву,
ткъа цхьанна тIе боккха горга тIулг охьакарчийта
гIертачунна и тIулг цунна шена тIекерчар бу.
28 Харцматтаца дуьйцучунна ша лазабо нах ца
беза, иштта томана дуьйцучо а бохам бо.

27 †Кханалера де ма хестаде, хIунда аьлча хьуна
ца хаьа цо хIун дахьа.
2 Хьо айхьа а ца хеставеш, кхечуьнга хеставайта,
хьайн багахула а ца хуьлуш, кхечун багахула
хилийта и хастораш.
3 ТIулг беза бу, гIум а яц яйн, амма сонтачу стага
бахьа бала лан кхин а хала ду.
4 ОьгIазалла къиза ю, дералла а хи тIедалар санна
ю, амма мила латталур ву хьегарна хьалха?
5 Ма-дарра олучу дешнашца стаг нисвар гIоле ду,
доттагIчуьнга болу безам къайлабахьарал.
6 Хьо везачо доху бехкаш бакъ ду, хьо ца везачо
йоху обанаш харц ю.
7 Вуьзначу стага моз а дIатоттур ду, амма меца
волчунна къаьхьаниг а мерза хетар ю.
8 Шен цIенна генаваьлла волу стаг бенна
генадаьлла лела олхазар санна ву.
9 ДухIи а, хаза хьожа а бахьана долуш стеган дог
доккхадоь, иштта доттагIчо даггара до хьехар – иза
доттагIаллин марзо ю.
10 Хьайн а, хьайн ден доттагIий а дIа ма таса.
Хьайна тIе бохам беача, гергарчарна тIе ма гIо:
хьуна уллохь вехаш волу лулахо гIоле ву хьуна,
генахь волчу вешил а.
11 Хьекъале хила, сан кIант, сан дог доккха а
дедеш, тIаккха суна халахетийтиначаьрга ала хIума
хир ду сан.
12 Хьекъал долчо бохам хир бу аьлла шена хетча,
цунах ша ларвойту, ткъа боданера нах нийсса
цунна тIебоьлху, тIаккха цунна тIера жоьпе а озор
бу уьш.
13 Хийрачу стагах адамо ша дош делча, цунах
бедар яккха. Закъалтана йита иза, нехан зудчух цо
жоп луш хилча.
14 Iуьйранна хьалххе доккхачу озаца
уллорачуьнга маршалла хаттахь, иза цунна шена
неIалт кхайкхор санна хетар ду.
15 Къийсалуш йолу зуда кхоьлинчу дийнахь леда
ладар санна ю. 16 Иза сацо гIортар мох сацо гIортар
санна ду, я шен шина куьйга юкъахь даьтта сацо
гIортар санна ду.
17 Аьчка урс эчигна тIе хьокхуш ирдаре терра,
цхьана стага кхечу стеган аьрталла дIайоккху.
18 Инжиран диттан дола деш волчо цуьнан стом
буур бу, ткъа шен олахочун гIуллакх деш волчун
сий а хир ду.
19 Стаг хи чу хьаьжча, цунна шен сибат го, иштта
адаман даго и стаг ма-варра схьагойту.
20 *Эхарт* а, хIаллакьхиллачийн дуьне а цкъа а
Iаьбна цахиларе терра, адаман бIаьргаш а ца Iеба.
21 Дети кеда чохь цIандо, деши кхерча чохь зело,
ткъа наха хасторца зуьйш хуьлу адам.
22 Сонтаниг кохьар чохь кIенца цхьаьна аьхьча а,
цуьнан сонталла дIаяккхалур яц.
23 Хьайн жашна дикка тIехьажа, хьайн бажа
леррина Iалашбе, 24 хIунда аьлча хьал массо а
хенахь ца лаьтта. Ур-атталла *таж* а массо а хенахь
ца кхочу кхечу тIаьхьенна дIа. 25 Йол а хьаькхна,
керла буц хьалайолучу хенахь, лаьмнашкарчу
цанашна тIера буц схьахьаькхначу хенахь,
26 Iахарех хьуна тIеюху хIума хир ю, ткъа гезарех –
кхаш эцар хир ду. 27 Хьо а, хьан доьзал а кхаба а,
иштта хьан гIарбашаш дийна хилийта а тоъал
гезарийн шура хир ю хьан.

28 Iеса стаг ведда лела, шена тIаьхьаваьлла
лелаш цхьа а воццушехь, ткъа дика стаг, лом
санна, майра хуьлу.
2 Махкахь адам карзахдаьлла лелачу хенахь,
дуккха а куьйгалхой гучубовлу, амма хьекъалалла
а, кхетам а болчу куьйгалхочуьнца и мохк лаьттар
бу.
3 Миска нах хьийзош волу къен куьйгалхо тIехь
хIума хьалаяьлла долу латта дIахьош долу догIа
санна ву.
4 *Товрат-хьехам* кхочушбеш воцург Iесачу нахаца
ву, амма иза кхочушбеш хьо велахь, хьо цу нахана
дуьхьал ву.
5 Вон нах нийса долчух ца кхета, амма Веза Эла
лохуш берш цу дерригенах а кхета.

† *27:1 Якъуба 4:13-16.*

6 Къен а волуш, кхоччуш цIена лела стаг тоьлу,
гомачу некъаш тIехула лелаш волчу хьоладел.
7 Хьекъал долчу кIанта товрат-хьехам кхочушбо,
ткъа кIадбоцучарна улло гIерташ волчо шен да
юьхьIаьржачу хIиттаво.
8 Ахчанна тIе сов ял яккхарца ахь хьал гулдахь,
хьан хьал къечу нахаца дика хуьлучунна дIакхочур
ду.
9 Товрат-хьехаме ладогIа хьан лаам ца хилахь,
хьан доIа а Везачу Элана дегаза хетар ду.
10 ДогцIена верг вочу некъаца туьлуьйтург цо-ша
хIоттийначу гура чу оьккхур ву, ткъа ала хIума
доцучу нахе диканиг кхочур ду.
11 Хьалдолчунна ша хьекъалалла долуш ву аьлла
хета, амма хьекъал долу къениг цунах доллучух
кхетар ву.
12 Хьанал стаг куьйгалле веача, массо а
воккхавеш хуьлу, амма Iесаниг хьалаваьлча, массо
а къайлаволу.
13 Стага шен къинош лечкъош хилча, цуьнан
аьтто хир бац, амма, цо уьш тIе а лаьцна, ша нийса
лелаш цахилар нахана дIа а хаийтина, уьш
дIатасахь, цунах къинхетам бийр бу.
14 Декъала ву Везачу Эле ларамах вуьзна верг,
амма вухахьаволучо шена тIе бала бахьар бу.
15 Iесачу куьйгалхочо мискачу нахана тIехь
куьйгалла дечу хенахь, иза гIигI деш долу лом а,
дера ча а санна хуьлу.
16 Хьекъал доцучу куьйгалхочо шен халкъана
гIело йо, амма харц са яккхар цадезарг дуккха а
куьйгаллехь лаьттар ву.
17 ЦIий Iанийна волу стаг ша велла дIаваллалц
ведда лелар ву. Цхьаннах а цунна тIетовжийла ма
хуьлийла.
18 Нийсачу некъа лела стаг баланех
кIелхьарвоккхур ву, ткъа хаа а хууш харцнекъа тIе
ваьлларг цIеххьана вужур ву.
19 Лаьттан дола деш волу стаг меца вуьсур вац,
ткъа эрна ойланаш еш лелаш волчунна къоьлла
евзар ю.
20 Бакъволчу стагана диканиг дийр ду, ткъа
хьолана тIаьхьаваьлла лелаш волчунна бекхам хир
бу.
21 Кхелахочо озабезамаш бар дика дац. Делахь а,
уггар жима кхаъ схьа а эцна, стага къа лато тарло.
22 Сутарчу стеган Iалашо сихха хьал гулдар ю,
цунна ца хаьа, къоьлла шена мел уллохь ю.
23 Стагера даьлла гIалат цуьнга дIадийцинарг
тIаьххьара а дика хетар ву, мотт хьоькхуш долчу
адамал.
24 Цхьаболчара дений, нанний къола до: «Иза
къилахь дац», – бохуш. И нах, адамаш дойу
зуламхой санна, вон нах бу.
25 Шена пайда лохуш волчу стага девнаш доху,
ткъа Везачу Элана тIетевжачо дика хьоьгу.
26 Ша-шех тешна Iаш волу стаг сонта ву, ткъа
хьекъалаллица лелаш верг кIелхьарвоккхур ву.
27 Къечаьрца комаьрша волчунна къелла гур яц,
амма царна букъ берзош волчо шена неIалташ
гулдо.
28 Iеса нах куьйгалле баьхкича, адам къайладолу,
амма, уьш хIаллакьхилча, хьанал нах куьйгаллехь
хир бу.

## 29

Шех бехк мел баьккхи, оьгIазвоьду стаг
цIеххьана дарба ца хиллал тоьхна хир ву.
2 Дика стаг куьйгаллехь хилча, халкъ
самукъадаьлла хуьлу, ткъа Iесаниг куьйгалле
веача, иза узарш деш хуьлу.
3 Хьекъалалла дезаш волчо шен ден
самукъадоккху, ткъа нахаца лелаш болчу зударшца
гергарло лелош волчо цуьнан бахам хIаллакбо.
4 Паччахьан нийсачу кхело пачхьалкх чIагIйо,
ткъа тIех сов ял яккхарца пачхьалкх хIаллак а йо
цо.
5 Шена уллорачунна мерза дешнаш дуьйцуш
волчо ша-шена гур бугIу.
6 Вочу стеган къинош цунна хIоттийна болу гур
бу, ткъа хьанал стаг самукъадолуш, воккхавеш хир
ву.
7 Дикачу стага къечу нехан гIуллакх дикка толлу,
ткъа Iесачо цуьнан тидам а ца бо.
8 Кхаьрдаш болчу наха гIала меттахйоккху, ткъа
хьекъал долчара оьгIазалла дIаерзайо.
9 Хьекъалдолчо сонтаниг кхеле валош хилча, иза
оьгIаз а воьду, кхарда а кхаьрда, цундела машар а
хир бац.
10 Нах бойуш лелачарна цIена стаг а ца веза, ткъа
догцIена берш иза ларвеш хуьлу.
11 Сонтачо шен оьгIазалла массарна а гойту, ткъа
хьекъалдолчуьнгахь собар хуьлу.
12 Куьйгалхочо харцоне ладугIуш хилча, цунна
уллоранаш а харцонна тIехь лаьтта.
13 Къениг а, иза вацош верг а цхьатерра ву – цу
шиннан а бIаьргашна серло Везачу Эло елла.
14 Паччахь къечу нахана нийсонца кхел еш
хилахь, цуьнан паччахьалла дехха лаьттар ду.
15 ГIожо а, нисваро а хьекъалалла ло, амма
дIатесна дитина бер ненан юьхьIаьржо ю.
16 Iесанаш дукха баьржича, зуламаш а совдуьйлу,
ткъа бакъахьарачу нахана церан хIаллакьхилар
гур ду.
17 ТаIзар дарца нисве хьайн кIант, тIаккха цо хьо
марша Iойтур ву. Хьан даг чохь сакъерар
хуьлуьйтур ду цо.
18 Пайхамаралла ца хилча, халкъ ша юха ца узу.
Амма декъала ву товрат-хьехаме ладугIург.
19 Лай дешнашца Iамалур вац, хIунда аьлча, ша цу
дешнех кхетташехь, цо аьлларг ца до.
20 Ойла а ца еш, вистхуьлуш верг гиний хьуна?
Сонтачунна а дуккха а пайдане сатуьйсийла ю,
цунна чул.
21 Бераллехь дуьйна лена массо а хIума
могуьйтуш хилча, тIаьхьо цунах аьрханиг хир ву.
22 ОьгIазечо девнаш доху, оьгIазаллех кхехкачо
дуккха а вонаш до.

[23] Ша кхечарал лакхара хеташ верг лохха хIоттор ву, ткъа эсала са долчун сий хир ду.
[24] Къуьнан накъост хилларг ша-шена мостагIа ву. Хуучух лаьцна чIагIо ярца тоьшалла де шега аьлча, вист а ца хуьлуш Iаш ву иза.
[25] Адамех кхерар – стагана хIоттийна гур бу, ткъа Везачу Элана тIетевжаш верг кIелхьарвоккхур ву.
[26] Дукхахболчара куьйгалхочуьнца гергарло лоьху, амма адаман дахарна кхел яр Везачу Элан карахь ду.
[27] Хьанал нах ца беша Iесачу нахах, ткъа Iесанаш бакъахьа лелачарах а ца беша.

## АгIуран дешнаш

30 ХIара хьекъале а, Делера долу а дешнаш Якхайн кIентан АгIуран ду. Итиале а, Укале а дIадийцина ду хIорш:
[2] «Адамах тера а воцуш, сонтачу хьайбанах тера ву со,
соьгахь адамехь болу кхетам а бац.
[3] Хьекъалалла аса Iамийна а дац,
Везачу Делах лаьцна сан хаарш а дац.
[4] Мила ву, стигала хьала а ваьлла, юхавирзинарг?
Мила ву шен карахь мох сацийнарг?
Мила ву шена тIекхоьллинчу обанна юкъахь хи сацийнарг?
Мила ву дуьненан доза хадийнарг?
Муха ю цуьнан цIе? Муха ю цуьнан кIентан цIе?
Хьуна хууш дуй иза?
[5] Делан хIора дош зийна бакъ ду: Иза Шена тIевеанчунна *турс* хуьлий дIахIутту. [6] Цуьнан
дешнашна тIе хIумма а тIе ма тоха, иза ахьа дахь,
Цо хьо гучу а воккхур ву, хьо харцдерг дуьйцуш
хилар дIа а гойтур ду».

## Кхидолу кицанаш

[7] Ши хIума ду ас Хьоьга доьхуш, со валале
тIеэцахьа сан дехар, Веза Эла. [8] Даьссаниг а,
харцдош а суна гена даккхахьа, суна я къоьлла а, я
бахам а ма лохьа, Суна доггIучул кхачанан дакъа
схьадустахьа. [9] Суна догIучул дукха хIума сан
хилахь, со Хьох дIакъаста мега, «Веза Эла мила ву?»
– бохуш. Амма со къен хилахь, аса хIума лачкъо
мега, тIаккха Хьан цIе аса бехйийр ю.
[10] Олахочунна хьалха цуьнан лех лаций вон дош ма ала, цуьнга хьайна неIалташ ца кхайкхадайта а, хьо цу гIуллакхна жоьпе ца озавайта а.
[11] Шайн дайшна а неIалт боху нах хуьлу, ткъа цара шайн наной декъал а ца бо.
[12] Шаьш цIена бехаш бу моьтту нах а хуьлу, ма-дарра аьлча, шайн боьхучух уьш цIан ца бинехь а.
[13] Кура а, шаьш лакхара хеташ болу нах а хуьлу, уьш, шайн кортош хьала а айдина, лаккхара хьоьжу.
[14] Тарраш санна, цергаш йолу нах а хуьлу. Церан моччагIалш арсаш санна хуьлу. Церан Iалашо хуьлу къен нах дIакхалла а, адамашна юкъара пекъарш цистина дIабаха а.
[15] ЦIубдаран ши йоI ю, цара гуттар а боху: «Схьало, схьало, схьало».
Кхо хIума ду, цкъа а дузур доцуш,
«Тоьар ду!» цкъа а эр доцу диъ хIума ду:
[16] Иза адаман каш а ду, бер ца хуьлу зуда а ю,
догIа даре сатуьйсуш долу дакъаделла латта а,
иштта йогуш йолу цIе а ю, цкъа а «тоьар ду» эр доцуш йолу.
[17] Цавашарца дега хьоьжуш волчун бIаьргашна тIе ломъаьрзунаша зIакарш еттар ю, ткъа ненан доладар дIатоттуш волчун бIаьргаш тогIин хьаргIанаша дIакхоллур бу.
[18] Сан кхетам тIе ца кхуьу кхо хIума ду, диъ хIума а ду со ца кхеташ:
[19] стигалахь лелачу аьрзунан некъ,
тархашна юкъахь лелачу лаьхьанан некъ,
хIорда тIехула дIадоьдучу хIордкеманан некъ,
иштта стеган йоIе боьдучу безаман некъ.
[20] Ткъа ямарта хуьлучу зудчун некъ иштта бу: хIума а кхаьллина, бетах куьг а хьаькхна, цо олу: «Ас цхьа а вониг ца дина».
[21] Кхо хIума ду, дуьне дегош долу, цуьнга лалуш доцу диъ хIума а ду:
[22] паччахь хилла дIахIутту волу лай,
муьлххачу кхачанах вуьзна волу сонтаниг,
[23] хьалха ца езаш хилла йолу, ткъа хIинца маре йоьду зуда,
иштта шен хIусамненан метта оьцуш йолу *гIарбаш*.
[24] Дуьнен чохь йиъ жима хIума ю, амма уьш хьекъал долчарна юкъахь уггар хьекъал долуш ю:
[25] кIезиг ницкъ болуш ду зингатий, амма цара аьхка дуьйна шайна кхача кечбо;
[26] лаьмнийн дехкий, шаьш нуьцкъала дацахь а, цара херонашкахь шайна Iойла кечйо;
[27] цIазана тIехь паччахь ца хуьлу, амма уьш нийсачу могIаршкахь лела;
[28] моьлкъа куьйгашца а схьалацало, амма иза паччахьан цIа чохь а беха.
[29] Кхо хIума ду, хаза лелаш долу, майра болар долу диъ хIума ду:
[30] лом, акхарошна юкъахь уггар ницкъ болуш долу а, цхьана а хIуманах ца кхоьруш долу а;
[31] кура болар долу нIаьна а, бож а,
иштта шен эскарна коьртехь лелаш волу паччахь а.
[32] Нагахь, хьо лакха а воккхуш, хьо сонта хиллехь,
я зулам дан хьайна ахьа дагадаийтахь, бета тIехь
долчу куьйгаца хьайн вистхилар сацаде! [33] ХIунда
аьлча шура лийсаро даьтта кхолларе терра а,
мерах тохаро цIий кхолларе терра а, оьгIазалла
карзахъяккхаро къийсар кхуллу.

## Ламуал-паччахьан хьекъале дешнаш

31 ХIорш ду, нанас хьехна долу, Ламуал-паччахьан хьекъале дешнаш:

2 «Дала, ас Шега динчу доIанашна жоп луш, суна
велла волу сан хьоме кIант!
3 Зударий бахьана долуш
ахьа хьайн ницкъ а ма байалахь,
паччахьаш хIаллакбеш йолчуьнца
хьо лела а ма лелалахь.
4 Ламуал, хьекъале дац паччахьашна чагIар
мийлар,
иштта хьекъале дац олахошна а маларш мийла
лаар.
5 ХIунда аьлча, дукха мала а мелла, царна дицдала
тарло бакъонаша хIун боху,
тIаккха цара Iазапехь болчарна тIехь нийса кхел а
йийр яц.
6 Ахьа и вахош долу малар мискачарна а,
шайн дахар къаьхьа долчарна а дIало.
7 ТIаккха, и чагIар а мелла, царна дицлур ду шаьш
миска хилар а,
шаьш баланехь хилар а.
8 Ахьа, шайх дош ца далалуш, багахь мотт
боцучаьргахьа а озалахь,
бо бисиначаьргахьа бакъонца гIо а даккхалахь.
9 Иштта, ахьа цаьргахьа дош а алалахь, царна
тIехь нийса кхел а яйталахь.
Къечеран а, мискачеран а бакъонаш ларъяр тIехь
хьайн нийса дош алалахь».

### Дика а, оьзда а йолу зуда

10 *А* тта † дац дика а, оьзда а йолу зуда каро, ткъа
иштта йолчу зудчун мах жовхIарийн мехал а
лакхара бу.
11 *Б* аланаш хир бац ишттачух а тешна Iаш волчу
майрачун, къелла бохург хIун ду а хуур дац цунна.
12 *В* ониг шегара ца долуьйтуш, ша мел еха а, дика
до цо шен майрачунна.
13 *Г* о иза, вета а, тIаргIа а лелош, шена лаа а
лууш, шен куьйгашца цунах бедарш еш.
14 *Д* аима а, совдегарийн хIордкеманаша санна,
геннара дахьа цо шена рицкъа.
15 *Е* за иштта йолу зуда сатасале хьалагIатта.
ТIаккха цо доьзална кхача а кечбо, шен
гIарбашашна дан деза омра а до ††.

16 *З* удчунна латта лело дагадеача, и латта а оьцу
цо. ТIаккха цунах даьллачу беркатах кемсийн
таьллангаш а дIаюгIу цо.
17 *И* штта, цо дукха къа а хьоьгу, цуьнан ницкъ а
кхочу муьлхха а болх бан.
18 *К* ъеггина стогар летта хуьлу ишттачу зудчун
буьйса тIехтиллалц, ткъа ша ден гIуллакх дикка
пайден дуй а хаьа цунна.
19 *Л* акхара охьа цо шен куьг урчакхна тIе а
кхийдадо, цу урчакхан гIад шен пIелгашца схьа а
лоцу.
20 *М* искачунна а, гIо оьшуш волчунна а шен
комаьрша куьг кховдадо цо.
21 *Н* ийсса шен доьзалехь оьшшучул тIеюха йовха
бедарш ша кечйина дела, Iаьнан шело тIеярах а ца
кхоьру иштта йолу зуда.
22 *О* цу зудчо шен цIа чохь оьшун болу мотт-
гIайба а бо, цунна шена тIехь а хуьлу дезачу
кIадинах йина бедарш.
23 *П* айденца гIараваьлла дIахIутту ишттачу зудчун
майра, иза лараме долчу гIуллакхех лаьцна а
дуьйцуш, къаношца гIалин кевнехь хиъна Iачу
хенахь.
24 *Р* езабеш эцархой, цо шаршуш а еш, уьш а
юхку, доьхкарш а духку совдегаршна.
25 *С* ин оьздангалла а, доьналла а ду-кх цуьнан
духар. Дегайовхо а йолуш, тешамца хьоьжу и зуда
кханенга.
26 *Т* Iех хьекъал долу хIума а олу цо, хьекъале
хьехамаш бан а хаьа цунна.
27 *У* р-атталла, ша къа а хьоьгуш, баьккхина боцу
кхача а ца боу цо, шен цIахь долчуьнца бала а бу
цуьнан.
28 « *Х* ьо декъалниг ю», – олу цуьнга цуьнан
бераша а, хьала а гIовттуш, цуьнан майрачо а
хестайо иза.
29 *Ц* уьнан майрачо иштта олу: «Дукха бу дика а,
оьзда а зударий, амма хьоьга кхочуш царах цхьа а
яц».
30 *Ш* а коча йолчу зудчо Iеха а во, хазалла а –
сарралц бен яц. Ткъа хасто хьакъ долуш ю-кх
Везачу Элах кхоьруш йолу зуда.
31 *I* ойла иза, цо динчу гIуллакхашна цунна
доггIург наха дIа а луш, ткъа оцу гIуллакхаша
гIалин кевнехь сий а ойийла цуьнан.

† ХIокху коьртан 10-31 аяташ абатан кепехь ду, абат кхачаме хиларе терра, цхьана тайпанан кхачамалла а гойтуш.* †† «...шен гIарбашашна дан деза омра а до» *– я иштта: *«...шен гIарбашашна дала деззарг дIа а ло».*

# Устаз

## Дешхьалхе

цIе йолчу хIокху тептарна чуйогIу цхьана устазан ойланаш. Цу устазо кIоргге ойла йора дахарх лаьцна: дахар мел доца ду, мел дукха хIуманаш дахарехь нийса дац, дахар мел «кхетам боцуш» ду. Нехан кхолламан дола дечу Делан некъаш цунна ца кхеташ дисна. Иза иштта делахь а, цо нахана хьехам бина, чIогIа къахьега а, Дала деллачу хIуманех пайда эца а аьлла.
Устазо яздинчух дукххахйолу ойланаш сингаттаме хета мега. Делахь а хIара тептар товрат тIехь хиларо гойту, тешаш волчун дахарехь иштта йолу шеконаш хуьлуш хилар. куьзганехула шайга хьажарца дукххахболчара дог тедора, иштта царна хиира, цу ойланашца дерриге а товрато Делах сатийсар луш хилар. Ткъа цу сатийсаро вайн дахар доккха маьIна долуш хуьлуьйту.

1 Ярушалайм-гIалин паччахь волчу а, *Даудан кIант* волчу а устазо дина къамел иштта ду.

### Адамийн дахар хаттарех дуьзна ду

2 «Ма кIорга къайле ю! – олу устазо, – Ма кIорга
къайле ю! Ма дукха хIума ду вайн кхетам тIе ца
кхуьуш! 3 Стигална кIел къахьоьгуш, ша мел динчу
хIуманах буьсун болу хIун пайда оьцу адамо?
4 Адамийн тIаьхье дIа а йолу, керла тIаьхье тIе а
кхуьу,
ткъа латта абаденналц ларьтта.
5 Малх схьа а кхета, малх дIа а бузу,
иза юха а ша схьакхетачу метте баха сихло.
6 Мох къилбехьа а хьокху,
къилбаседехьа юха а боьрзу.
Иза, хьийзий, хьийзий,
юха а шен метта схьабоьрзу.
7 Дерриге а хиш хIорда чу хьовду,
амма хIорд цкъа а тIех ца болу.
Шаьш схьадевллачу метте
юхадоьрзу и хиш.
8 Массо а гIуллакх саццаза дIаоьху,
Дийца долчух дерриг а цхьаьнгга а дийца лур
дац.
Хьежарх бIаьрг а бузур бац хьан,
ладегIарх – лерг а дузур дац.
9 Хьалха хилларг юха а хуьлу,
ткъа хьалха диннарг юха а дийр ду,
стигална кIел керла хIумма а дац.
10 Цхьаццаммо олу:
„Хьажахьа, хIара керла хIума ду!“
Амма иза а хилла ширачу заманахь,
вайн заманал дуккха а хьалха.
11 Хьалха хилла адамаш
цхьанна а хIинца дага а ца догIу,
ткъа хIинца дуьйна хиндолу адамаш
дагадогIур дац царна тIаьхьа хир долчу
адамашна а».

### Устазана дахарехь зеделларг

12 Устаз волчу аса Ярушалайм-гIаларчу Исраилан
халкъана тIехь паччахьалла дора. 13 Сан даго
къобалдира кху стигална бухахь адамаша
кхочушдо гIуллакхаш, хьекъалдолчара ма-дарра,
кхоччуш таллар. Ма хала бу-кх Дала адамашна
кхочушбан белла и болх! 14 Стигална кIел деш долу
дерриге а гIуллакхаш а гира суна. Уьш дерриш а,
махана Iуналла дан гIертар санна, кхетам тIе ца
кхуьу хIуманаш ду.
15 Сеттина йолу хIума нис а лур яц,
ткъа доцург дагар а лур дац.
16 †Ас сайн дагахь элира: «Хьажал, сайл хьалха
Ярушалаймана тIехь олалла деш хиллачу массарал
а чIогIа хьалаваьлла со хьекъалаллица. Дуккха а
кхетамалла а, хьекъалалла а тIеккхетта суна». 17 Сан
даго къобалдира хьекъал довзар а, иштта хьекъалх
тилар а, сонталла хилар довзар а. ТIаккха со
кхийтира, иза а, махана Iуналла дан гIертар санна,
хIума дуйла.
18 Доккхачу хьекъалаллах
боккха бала хуьлу,
ткъа шена кхетам гулбечо
гIайгIа гулйо.

### Самукъане хилар зер

2 Аса сайн дагахь элира: «Самукъадаккхарца
зуьйр ву ас со, сайна ирсе хилар хIун ду

† *1:16 Сулим 4:29-31.*

довзийтархьама!» Амма аса жамI дира, иза а
кхетам тIе ца кхуьу хIума ду аьлла. [2] Гуттар а
воьлуш лелар сонталла юйла а, самукъадаларх
бала цхьа а пайда боцийла а хиира суна. [3] ТIаккха,
сайн кхетам хьекъалх буьзна а болуш, ас сацам
бира, сонтаваллалц чагIар маларца зен веза аса со
аьлла. И сонталла а зен лиира суна, кху стигална
бухахь шайн доццачу дахаран деношкахь
адамашна хIун дика хуьлу сайна довзийтархьама.
[4] †ТIаккха со даккхий гIуллакхаш дан волавелира.
Аса сайна гIишлош а йира, кемсаш а дIаюьйгIира,
[5] бошмаш дIайогIа меттигаш а тойира, тIаккха
цигахь тайп-тайпана стоьмаш луш долу дитташ а
дIадуьйгIира. [6] Иштта ас Iаьмнаш дехира, айса
моггIара дIадийгIинчу дитташна хи тохархьама.
[7] ††Леш ийцира ас сайна, юкъахь зударий а,
божарий а болуш. Цул тIаьхьа сан цIахь царах
дуьнен чу бевлла кхин леш бара сан. Иштта сол
хьалха Ярушалайм-гIалахь бехаш Iаш хиллачу
нехан чул а сов бежанаш а, жаш а дара сан. [8] ‡Ас
дети а, деши а гулдира сайна, сайн доларчу кхечу
мехкийн а, паччахьийн а хазна схьа а яькккхира.
Иллеш олу божарий а, зударий а гулбира ас сайн
цIа чохь, боьршачу стеган дагна чIогIа там бийраш
а бехира сайн дола: дуккха а гIарбаш-зударий ‡†.
[9] ‡‡Ярушалайм-гIалахь сайл хьалха хиллачу массо
адамал а сий долушший, хьал долушший хилира
со. Иштта сайн хьекъалалла кхидIа а соьца
дуьсура. [10] Сайн бIаьргашна хазделларг схьаэцарна
дуьхьало ца йора ас. Самукъане мел долу хIума сан
даго тIеоьцура. Муьлххачу айса дечу гIуллакхах
самукъадолура сан. И хазахетар суна дара, ас мел
бечу халчу балхана луш долу совгIат санна.
[11] ТIаккха со хьаьжира сайн куьйгаша динчу
гIуллакхашка а, айса мел бинчу балхе а. И дерриг а
ма кхетам тIе ца кхуьу хIума ду, махана Iуналла дан
гIертар санна. Стигална кIел цу гIуллакхех буьсур
болуш цхьа а пайда бац.

### Хьекъалалла а, сонталла а зер

[12] Юха со ойланаш ян волавелира хьекъалаллах
а, хьекъалх тиларх а, сонталлах а лаьцна. ХIунда
аьлча паччахьо диначул совдаькккхина хIун дан
тарло цул тIаьхьа дIахIуттун волчу стага? [13] Суна
гира хьекъалалла хиларо сонта хиларал сов буьсун
болу пайда бар, серло боданал дикаха хиларе
терра. [14] Хьекъалечун бIаьргаш са гуш бу, ткъа
сонтаниг боданехь тилавелла леларг санна ву. Ткъа
царах массарах хиндерг цхьаъ дуйла а кхийтира
со. [15] ТIаккха сайн дагахь элира ас: «Сонта волчух
хилларг сох а хир ду-кх. ТIаккха хьекъалалла
хиларо буьсун болу хIун пайда ло?» Ас сайн дагахь
жоп делира: «Иза а кхетам тIе ца кхуьу хIума ду».
[16] Я хьекъалдолчух лаьцна дерг а, я сонта волчух
лаьцна дерг а дехар дац абаденналц, кестта уьш
берриш а бицбийр бу. Маржа яI, хьекъаленииг а
дIакхелха, сонтаниг санна! [17] ТIаккха суна деза ца
делира хIара дахар, хIунда аьлча стигална кIел мел
дечу хIумано гIайгIанаш яхьа. И дерриг а кхетам
тIе ца кхуьу хIума ду, махана Iуналла дан гIертар
санна.

### Дечу гIуллакхо пайда бахьий?

[18] Сан дог делира айса стигална кIел мел динчу
халачу гIуллакхех, хIунда аьлча цу гIуллакхех
хилларг сол тIаьхьа вуьсун волчунна кхочур ду-кх.
[19] Ас сайн къинхьегамца а, сайн хьекъалца а
стигална кIел мел даькккхинчунна тIехь кхечу
цхьаммо олалла дийр дара, ткъа хьанна хаьа:
хьекъале хир ву иза я сонта хир ву? И дерриг а
кхетам тIе ца кхуьу хIума ду. [20] Иштта со
дохковелира айса стигална кIел мел динчу
гIуллакхна. [21] Адамо, шен дерриг а хьекъалалла а,
хаар а, говзалла а тIе а ерзош, дуккха а къахьоьгу,
амма и стаг велча, цо гул мел динарг а и гулдеш
къа ца хьегначунна кхочу. Иза а кхетамбоцу а,
нийсо йоцу а хIума ду.
[22] Иштта хIун хуьлу ткъа адамна стигална кIел ша
бинчу балхах а, шен деган гIайгIанах а? [23] ‡‡†ХIора
дийнахь балане а, гIайгIане а хуьлу цуьнан болх,
ур-атталла буьйсанна а дог паргIат ца хуьлу
цуьнан. Иза а ду-кх кхетам тIе ца кхуьу хIума.

### Устазан хьехам

[24] ‡‡‡Адамна уггар а диканиг яар-малар а, ша бечу
балхах там хилар а ду. Со кхийтира иза а Делера
хиларх. [25] Дала иза ца делча, яа а, я там хила а
хьенан таро хир яра? [26] §Дала Ша реза волчунна
хьекъалалла а, хаарш а, ирс а ло. Ткъа къинош
леточаьрга Цо, къа а хьоьгуьйтуш, хьал гулдойту, и
гулдинарг Ша реза волчунна дIадалийтархьама.
Иза а ду-кх кхетам тIе ца кхуьу хIума, махана
Iуналла дан гIертар санна.

### Массо а хIуманан шен-шен хан ю

3 Массо а хIуманан
шен зама ю,
кху лаьттарчу хIора гIуллакхан а
шен хан ю.
[2] Дуьнен чу валаран а шен хан ю,
дIакхалхаран а шен хан ю.
ХIума дIаеран а шен хан ю,
иза схьаяккхаран а шен хан ю.
[3] Стаг веран а шен хан ю,
иза товаран а шен хан ю.
ЦIенош дохоран а шен хан ю,
гIишлош дIахIитторан а шен хан ю.
[4] Адам делхаран а шен хан ю,
иза деладаларан а шен хан ю.

† *2:4-8 Сулим 10:23-27; 2 Шерашкахь 9:22-27.* †† *2:7 Сулим 4:23.* ‡ *2:8 Сулим 10:10, 14-22.* ‡† *ГIарбаш-зуда *– зудчун бакъо йолу гIарбаш.** ‡‡ *2:9 1 Шерашкахь 29:25.*

‡‡† *2:23 Аюб 5:7; 14:1.* ‡‡‡ *2:24 Устаз 3:13; 5:17; 9:7; ЕшаI-ЯхIу 56:12; Лака 12:19; 1 Коринтхошка 15:32.* § *2:26 Аюб 32:8; Кицанаш 2:6.*

Адам гIайгIане хиларан а шен хан ю,
иза халхадаларан а шен хан ю.
5 Зудчуьнца дIавижаран а шен хан ю,
цунах цакхетаран а шен хан ю.
Стагана мараэккхаран а шен хан ю,
цунах къехкаран а шен хан ю.
6 ХIума лахаран а шен хан ю,
лохучуьра сацаран а шен хан ю.
ХIума Iалашъяран а шен хан ю,
иза дIатасаран а шен хан ю.
7 ХIума ятIоран шен хан ю,
иза дIатегаран а шен хан ю.
Адам дист ца хиларан а шен хан ю,
цо къамел дан дезаран а шен хан ю.
8 Адам дезаран а шен хан ю,
иза цадезаран а шен хан ю.
ТIеман а шен хан ю,
машаран а шен хан ю.
9 Буьсун болу хIун пайда оьцу адамо ша бинчу
балхах? 10 Суна гира Дала адамашна кхочушбан
белла болу белхаш. 11 Массо а хIуманна а цунна
йогIуш йоллу хан елла Дала. Дала адаман кхетам
чохь абадех йолу ойла кхоьллина, юьххьенца
дуьйна дIадовллалц Дала деш долчух иза кхеташ
дацахь а. 12 Иштта суна хиира, адамашна, шаьш
дийна мел ду, самукъадаккхарал а, зовкх хьегарал
а дикаха хIумма а доцийла. 13 Кхечу дешнашца
аьлча, хIора адамна яа а, мала а, ша бечу балхах
там хила а беза. Уьш Делера совгIаташ ду.
14 Суна хиъна, Дала до гIуллакхаш гуттаренна
дуйла. Вайга Дала дечунна тIе а тохалур дац, я
тIера дIа а даккхалур дац. Дала иштта гIуллакхаш
до, адамашка Шен сийдайтархьама.
15 Яханчу заманахь хилларг
карахь йолчу заманахь а хуьлу,
ткъа тIейогIучу заманахь хиндерг,
дIаяьллачу заманахь а хилла.
Хьалха хилларг юхадерзориг Дела ву.

## Дуьнен чохь нийсо цахиларх лаьцна

16 Стигална кIел суна кхин а гира,
кхел ечу меттехь
зуламаш хилар,
нийсо хила езачохь
харцонаш лелор.
17 ТIаккха аса сайн дагахь элира: «Бакъволчунна
а, харцволчунна а Дала Ша Шен кхел йийр ю,
хIунда аьлча массо а хIуманан а, дерриге а
гIуллакхийн шен-шен зама ю». 18 Адамех лаьцна
аса сайн дагахь элира: «Дала адамаш зоь, уьш
бежанех тера хилар гойтуш. 19 Адамех а хуьлу
бежанех хирриг: уьш а, вуьш а цхьатерра
дIакхелха. Адамийн а, бежанийн а цхьатерра са ду,
адамаш а дац бежанел гIоле. Дерриг а кхетам тIе
ца кхуьу хIума ма ду! 20 Массо а цхьана метте
дIавоьрзу. Массо а лаьттан ченах вина ву, ткъа
массарах а юха а чан хир ю. 21 Хьанна хаьа, адамна
чуьра арадаьлла са лакха стигалшка хьаладоьдий,
бежанна чуьра арадаьлла са лаха лаьтта чу
охьадоьдий?»

## Устазан хьехам

22 Иштта, со кхийтира адамна, ша бечу балхах
самукъа а доккхуш, гIадвахарал гIоле долуш кхин
хIумма а доцийла. Иза цуьнан дакъа ду, хIунда
аьлча цхьаммо а гойтур дац адамна кхелхинчул
тIаьхьа цунах хиндерг.

## ГIелонах а, балхах а, накъосталлех а лаьцна

4 ТIаккха, дIахьаьжча, суна гира стигална кIел
мел еш йолу гIелонаш.
Хьажал, гIийлачеран бIаьргех хиш дуьйлу,
ткъа церан догъоьцург ца хуьлу.
Царна гIело ечеран карахь ницкъ бу,
ткъа церан догъоьцург ца хуьлу.
2 ТIаккха ас сацам бира, дийна а болуш, гIелонаш
хьоьгуш болчарна чул дIакхелхинчарна гIолехь ду
аьлла. 3 Ткъа стигална кIел леладо зуламе
гIуллакхаш шайна газа болчу, дуьнен чу бовлаза
бисинчарна кхин а дикаха ду аьлла, хийтира суна.
4 Суна гира, адамо мел дечу гIуллакхан говзалла
шен накъостаца яхье ваьлча гучуйолий. Иза а
кхетам тIе ца кхуьу хIума ду, махана Iуналла дан
гIертар санна. 5 Сонтачу стага, пIелгах пIелг а
тоьхна, болх ца беш, ша-шен хIаллакво. 6 Амма,
синтем а болуш, схьаэцна долу цхьа сахь тоьлу, сов
къа а хьегна, даькхинчу шина сахьанал. Махана
Iуналла дан гIертар санна, ду иза.
7 Юха а кхетам тIе ца кхуьу цхьа хIума гира суна
стигална кIел. 8 Я кIант, я ваша а воцуш, ша вуьсу
стаг. Цуьнан гIуллакхийн чаккхе а ца хуьлу, ткъа
цуьнан бIаьргаш хьолах а ца бузу. Хьанна до те цо
и гIуллакхаш, шен са ирсах а доккхуш? Иза а кхетам
тIе ца кхуьу хIума а, гIайгIане болх а бу.
9 Шиъ цхьаьна хилар дикаха ду, ша цхьаъ
хуьлучул. Шаьш цхьаьна хьегначу къинах царна
пайда хир бу. 10 Царах цхьаъ охьавожахь, вукхо иза
хьалагIаттор ву. Ша цхьаъ вуьсучу стеган ма къа
ду! Иза гIатто уллохь цхьа а ца хуьлу. 11 Иштта, шиъ
цхьаьна охьавижча, и шиъ вохло. Ткъа ша цхьаъ
волчун вохвалар муха хир ду? 12 МостагIчо цхьанна
дуьхьал толам баккхахь а, шиннал тоьлур вац иза.
Ткъа кхаа тайнах хьарчийна йолу тIийраг атта
хедар яц.

## Хьекъалаллех оьцу пайда

13 Набахти чуьра араваьлла цхьа къонах паччахь
хIотто тарло. Я, масала, и къонах, шен хинйолчу
пачхьалкхехь ша дуьнен чу волучу хенахь, къиэн
хила тарло. Делахь а, къиэн а волуш, амма
хьекъале волу къонах дикаха ву, къеначу а,
сонтачу а, шена беш болу хьехам дIа ца оьцучу а
паччахьал.
15 Кхин а суна гира, стигална кIел веха хIора стаг а
дуьнен тIехь вехачу кхечу къонахчунна

тIаьхьахIоттар. 16 Дагар ца даллал дукха дара и
халкъ. Амма цу къонахал хьалха хиллачу а, иштта
цул тIаьхьа хинболчу а нахана цунах цхьа а там ца
белира. Иза а кхетам тIе ца кхуьу хIума ду, махана
Iуналла дан гIертар санна.

### Далла делла ваIда кхочушдар

17 Хьо *Делан цIа* долчу воьдуш, ларлуш хилалахь.
Сонтачу наха санна, сагIина хIума яхьачул, Делан
цIенна тIе а вирзина, ладогIар дикаха ду. Уьш ца
кхета, шаьш сонта лелий.

5 Багах долучу дешнашца а,
дагара йолучу ойланашца а
Далла хьалха хIума олуш
сих а ма ло, аьрха а ма вала.
ХIунда аьлча Дела стигалахь ву,
ткъа хьо лаьттахь ву,
цундела хьайн Цуьнца долу къамел
доцца хилийта.
2 Алссамчу гIайгIанаша вон гIенаш гойту,
алссамчу дешнаша сонталла гойту.
3 †Нагахь айхьа Далла *ваIда* динехь, иза
кхочушдар дIа ма татта. Далла хаза ца хета сонтачу
стага и ваIда кхочушцадар, цундела ваIда
кхочушде! 4 Дош цадалар дикаха ду, дош а делла,
иза кхочушцадарал. 5 Хьайн бете хьайх къинош ма
летадайта. Делан динан дега: «Айса динчу ваIданна
тIехь со галвелира» – ала дезарх ларло. Хьайн
куьйгаша дина гIуллакхаш Деле хIаллак ца
дайтархьама, Далла хьалха айхьа дечу хьайн
къамелашца Дела хьайна оьгIаз ма вахийта.
6 Иштта, сонтачу нехан Далла хьалха дина
къамелаш хуьлу дукха гIенашца а, дукха кхетам тIе
ца кхуьучу хIуманашца а, дукха дешнашца а. Ткъа
хьо Деле болчу ларамах вуьзна хила веза!

### ГIело яр а, нийсо цалелаяр а

7 Нагахь муьлххачу а мехкан декъахь къечу
стагана гIело еш хьайна гахь а, цуьнан бакъонаш
а, нийсо а лоруш яцахь а, хьо цец ма валалахь
цунах, хIунда аьлча оцу лакхарчун а цул лакхарчо
терго йо, ткъа оцу шинна тIехь а кхин а лакхарниг
ву. 8 Махкана баьлла пайда цуьнан массо а
бахархошна хила беза. Ткъа паччахь шен мехкан
аренаша лун долчун бала кхочуш хуьлу.

### Хьолах там ца хуьлу

9 Ахча дезаш волчунна цкъа а шен долчух тоам
хир бац.
Хьал дезаш волчунна шен долчух цкъа а тоам
хир бац.
Иза а кхетам тIе ца кхуьу хIума ду.
10 Хьал алсамдоккхуш хилча,
цунах бежаш берш а алсамбовлу.
ТIаккха хIун пайда хуьлу хьолахочунна,
оцу шен хьоле хьоьжуш Iер доцург?
11 Ша дуккха а йиънехь а, я кIеззиг йиънехь а
Къахьегначу стага мерза наб йо.
Ткъа хьолахочун наб йов,
шен хьолан шорто бахьана долуш.
12 Стигална кIел суна кхин а цхьа хала бала гира:
адамо шен хьал Iалашдора, иза ца дайархьама.
13 Амма цхьа бохам тIебар бахьана долуш, цо шен
хьал дайира.
Хууш ду, стеган бер хилча, и бер даьссачу
куьйгашца дуьнен чу долий. 14 ††Шен ненан
кийрара верзина, тIехь хIумма а доцуш, схьа-ма-
валлара, иштта ша дIакхелхича, кху дуьненахь ша
бечу балхах шеца хIумма а дIа а ца хьош, иза дIа а
воьду. 15 Иза а гIайгIане бала бу. Ша дуьненна чу
ма-валлара, иштта дIа а гIур ву стаг. Ткъа хIун
буьсун болу пайда хуьлу цунна, ша еккъа Iаьнаран
дуьхьа къахьоьгуш хилча? 16 Ша дуьненахь
йоккхучу хенахь цо боданехь шен кхача боу, ткъа
цуьнан денош там цахиларх а, цамгарех а,
дераллех а дуьзна хуьлу.

### Устазан хьехам

17 Хьажал со кхеттачуьнга: Дала шайна яккха
еллачу йоццачу дахаран заманахь адамашна и хан
юушший, молушший, ша стигална кIел бечу халачу
балхах там хуьлушший яккхар гIолехь ду. Иза
цунна Дала делла дакъа ду. 18 Нагахь Дала стагана
бахам а, хьал а делча, цу стага царах дезар а эцахь,
Дала шена елла ял схьа а эцахь, шен балхах цунна
там а хилахь, тIаккха иза Делера совгIат санна ду
цунна. 19 Иштта, стагана шен дахаран хенах
ойланаш ян хан а тоьар яц, хIунда аьлча Дала
цуьнан дагна там бо.

### Дахарехь там цахилар

6 Стигална кIел цхьа хала бала хилар гира суна,
ткъа иза-м кест-кеста хуьлу. 2 Дала стагана хьал
а, бахам а, шорто а яла тарло – цунна мел дезарг а
дала тарло. Амма оцу муьрехь шен долчух марзо
ца оьцуьйту цуьнга Дала, мелхо а, кхечо цунах
пайда оьцу. Иза а кхетам тIе ца кхуьу хIума а ду, цул
сов, иза чIогIа хала бала а бу. 3 Иштта, стеган бIе
доьзалхо хила а, иза дуккха а ваха а тарло. Амма
иза мел дукха вахахь а, нагахь оцу стага шен
долахь долчу диканах ма-бохху марзо а ца эцахь,
иза веллачул тIаьхьа, цуьнан оьзда дIаволлар а ца
хилахь, тIаккха ала мегар ду, делла динчу берана а
дикаха ду, оцу стагана чул. 4 Цуьнан дуьнен чу
д�лар а, кхалхар а кхетам тIе ца кхуьу хIума ду.
Iаьржачу Iожалло цунах хиндерг хьулдо. 5 Ша кху
дуьненахь цадахарна, цу берана кху дахарх лаьцна
хIумма а ца хаьа, делахь а цуьнан синтем аса
масална валийначу стеган чул сов бу. 6 Иштта стаг
шина эзар шарахь а ваха тарло, шен бахамах
марзо а ца оьцуш. Ткъа вай дерриш а цхьатерра
коше дIадоьрзуш дац?

† 5:3 *Забур 65:13, 14.*

†† 5:14 *Аюб 1:21; Забур 48:18; 1 Тимапига 6:7.*

7 Адамо ша буучу кхачанан дуьхьа бен къа ца хьоьгу,
амма цуьнан гай цкъа а ца дузу.
8 Хьекъал долчо сонтачо чул сов хӀун дуьсун долу зовкх хьоьгу?
Ша муха лела веза хаарх, хӀун дуьсун долу зовкх хьоьгу къечо?
9 ГӀенахь гиначуьнга сатуьйсуш лелачул,
шен долахь долчух марзо эцар дикаха ду.
Иза а кхетам тӀе ца кхуьу хӀума ду, махана Ӏуналла дан гӀертар санна.

## Адамна хӀун гӀоле ю?

10 Кхоьллина мел йолу хӀума
шен цӀе йолуш ю.
Иштта адам хӀун ду а
вайна хууш ду.
Шел ницкъ болуш волчуьнца болчу къийсамехь
адам тоьлур дац.
11 Ткъа хӀун пайда хуьлу цунах адамна?
Дуккха а долчу дешнаша кхетам тӀе ца кхуьу хӀуманаш алсамдоху.
12 Хьанна хаьа, хӀун дикаха ду адамна шен, ӀиндагӀ санна, дӀауьдучу, кхетам ца кхуьуш долчу дахаран деношкахь? Стигална кӀел дӀакхелхича, хьан эр ду адаме цунах хиндерг?

## Адамна дикаха дерг

7 †Дезачу хьакхарел
цӀе яккхийтар дикаха ду,
Иштта дуьнен чу валаран дийнал
адам даларан де дикаха ду.
2 Той долчу цӀа чу воьдучул,
тийжар долчу цӀа чу вахар дикаха ду.
ХӀоранна а тӀаьххьара де тӀедогӀу,
ткъа дийна волчо цуьнан ойла ян еза.
3 Веларал дикаха ду
сингаттаме хилар,
хӀунда аьлча, юьхь кхоьлина хиларна,
дог хьекъалх дузу.
4 Хьекъалечу стеган дог адам доьлхуш долчохь хуьлу,
ткъа сонтачун дог адам гӀаддахана долчохь хуьлу.
5 Сонтачийн иллешка ладуьйгӀучул дикаха ду
хьекъал долчун тӀехтохамийн тергам бар.
6 Сонтачун велавалар
ена кӀеларчу цӀергахь лелха гаьннаш санна ду.
Иза а кхетам тӀе ца кхуьу хӀума ду.
7 ГӀело яро хьекъалечух сонтаниг во,
ткъа кхаъ схьаэцаро кхетам а талхабо.
8 ГӀуллакхан чаккхе хилар
гӀуллакх доладарал дикаха ду,
ткъа собаре хилар
цавашарал а дикаха ду.
9 ††Хьайн са оьгӀазаллина сих ма де,
хӀунда аьлча оьгӀазалла сонтачийн кийрахь хуьлу.
10 Ахьа ма хатта: «ДӀадахана денош дикаха хӀунда дара?»
Хьекъале дац и хаттар.
11 Цхьаннах бисина бахам санна, дика ду хьекъалалла.
Кху дуьненахь болчара цунах пайда оьцу.
12 Хьекъалалло а, ахчано санна, адам лардо,
амма хьекъалаллех буьсун болу пайда иштта бу:
цуьнан дола диначун дахар лардо цо.
13 ДӀахьажал Делан гӀуллакхашка.
Цо гамдинарг хьаьнга нислур ду?
14 Беркатечу хенахь воккхаве,
ткъа гӀайгӀане еанчу хенахь ойланаш е.
И де а, важа де а Дала кхоьллина ма ду,
адаме цкъа а талла ца ло
ша кхелхинчул тӀаьхьа шех хиндерг.

## ХӀуманна тӀехь тӀехваларх лардар

15 Сайн дахаран деношкахь кхетам тӀе ца кхуьу
хӀуманаш дукха гина суна. Масала, ша бакъахьара
хиллехь а, къона стаг дӀакхелха, ткъа ша зуламе
велахь а, стаг дукха вехаш а хуьлу. 16 ТӀех
бакъахьара а ма хила, хьекъалца тӀех а ма вала –
хьуо хӀунда хӀаллаквойту ахь? 17 Хьо тӀех зуламе а
ма хила, хьекъал доцуш а ма хила – хьайна Дала
еллачу хенал хьалха хьо дӀа хӀунда кхолхуьйту ахь?
18 ХӀокху аьллачу хӀуманех цхьаъ схьалаца, амма
шолгӀаниг а ма дита. Деле болчу ларамах вуьзначо
шен декхар массо а гӀуллакхашна тӀехь
кхочушдийр ду.

## Хьекъале мила хилало?

19 Хьекъалалла дерг гӀалин иттех олахо чул а
нуьцкъала ву. 20 Массо а хенахь Делан лаамехь а
лелаш, цкъа а къа а ца латош волу бакъахьара стаг
вац кху дуьненахь.
21 Ахьа хьайга мел аьлларг а хьайн даг чу ма лаца,
хьан ялхочо хьох лаьцна аьлла вониг хьайга ца
кхачийтархьама. 22 ХӀунда аьлча хьо-хьо а цкъа
аьлла ца Ӏа кхечарах лаьцна долу вониг.
23 Сайн хьекъалаллица и дерриг а зийна ас. Сайн
дагахь ас олура: «Хьекъалаллех вузур ву со». Амма
иза далург ца хиллера! 24 Хуьлуш мел дерг вайн
кхетамо чу ца лоцу, цуьнан кӀорггера маьӀна ду.
Хуьлуш долчу дерригенах мила кхетар ву?

## ЦӀена хьекъалалла карадойла дац

25 Хьекъалалла а, гӀуллакхийн маьӀна а хаарна а,
иза талларна а, схьалахарна а тӀедирзира сан дог.
Иштта суна хаа лиира, зуламе хилар сонта дуйла а,
сонта хилар Ӏовдала дуйла а. 26 Со кхета, и «зуда»,
аьлча а сонталла, Ӏожаллал къаьхьа юйла. Цуьнан
Ӏалашо стагана кӀело яр а, иза дӀалацар а ю. Далла
везаш верг ишттачу зудчун карара дӀавер ву, ткъа
къинош летош верг ишттачу зудчун кара гӀур ву.

† 7:1 Киҫанаш 22:1. †† 7:9 Якъуба 1:19.

[27] «Хьажал суна карийначуьнга, – олу устаза. – ХIара дерриг а вовшахтуьйхира ас, гIуллакхийн маьIна хIун ду те карорхьама. [28] Амма сайн даго лоьхург суна кара а ца дира. Олуш ма ду: „ХIора эзар адамна юкъахь цхьацца хьекъалниг бен ца карийра суна, ткъа царна юкъахь цхьа а зуда ца карийра“». [29] Амма цхьа хIума ду суна билггала карийна: Дала адамаш Шена резадеш кхоьллина, ткъа церан Iалашо ю массо а хIуманан маьIна таллар.

### Мила тарло хьекъале хила?

8 Мила кхета массо а хIуманан маьIнах?
Хьан кхетор ву иза массо а хIуманах?
Адаман хьекъалалло цуьнан юьхь а къагайо,
цуьнан къиза амат а кIаддо.
[2] Дала паччахьна дийр ду аьлларг бахьана долуш,
боху ас: паччахьо мел бохург ларделахь. [3] Хьайн
паччахьах дIакъаста сих а ма ло, цунна
дуьхьалбевллачарах дIа а ма кхета, хIунда аьлча
паччахьан шена луъург дан йиш ю. [4] Цу тIе,
паччахьан дош уггаре а нуьцкъала ду, цундела
хьан эр дара цуьнга: «Ахьа хIун лeладо?»
[5] Паччахьан омра кхочушдийриг
цунна дуьхьалбевллачаьрца лелар вац.
Хьекъале волчун дагахь лаьттар ю
шен хан а, шен кхел а.
[6] ХIора гIуллакхан а ю шен хан а, шен кхел а,
амма адамаша дуккха а хала баланаш хьега беза.
[7] Хиндолчух лаьцна хуург вац.
Хьан эр дара хиндерг хIун ду?
[8] Цхьаьнгга а шен синан Iаьнарна тIехь олалла
далур дац.
Цхьаннан а карахь дац шен валаран де.
Цхьа а дIахоьцур вац тIом бечуьра.
Зуламхо ша дечу зуламаша кIелхьарвоккхур вац.
[9] И дерриг а суна гира, стигална кIел кхочушдо
гIуллакхаш талла сайн дог ас къобалдича. Цхьана
адамо вукхунна тIехь олалла до, ткъа иза бахьана
долуш цу шиммо а бала хьоьгу.

### ТаIзар даза долчу зуламан масал

[10] ХIетахь гора суна зуламхошна дIахIиттош долу тезеташ. Уьш, езачу меттера схьа а оьций, дIабухкура. Ткъа цара зуламаш динчу гIаларчу бахархоша церан сий дора †. Иза а кхетам тIе ца кхуьу хIума ду. [11] Зуламна сихха таIзар ца даро адамийн дегнаш зуламаш дарехьа дерзадо. [12] Къинош летош волчо бIозза къа латадешшехь, иза дуккха а ваха тарло. Амма суна хаьа, Делах кхоьручунна дика хир дуйла, иза Цунна хьалха вегош лела дела. [13] Ткъа зуламаш лелочунна Делера дика а хир дац, иза, IиндагI санна, дукха а вехар вац, Делах ца кхоьруш ша лела дела. [14] Кхин а ду лаьттахь хуьлуш цхьа кхетам тIе ца кхуьу хIума. Бакъахьарчу адамашна зуламхошна тIе дан деза вон тIедогIу. Ткъа зуламхошна бакъахьарчарна хила дезарг хуьлу. Аса ма-аллара: «Иза а кхетам тIе ца кхуьу хIума ду!»

### Устазан хьехам

[15] Амма аса сайн хьехам бо, адаме шен дахарх самукъадаккха аьлла. Стигална кIел адамна уггаре а диканиг яар-малар а, шен дахарх самукъадалар а ду. Дала шена стигална кIел деллачу дахарехь, ша бечу балха тIехь цу гIуллакхаша иза новкъа воккхур ву.

### Делан некъах цхьа а кхоччуш ца кхета

[16] Хьекъалалла довза а, кху дуьненахь адамаша дечу гIуллакхашка хьажа а ас сайн дог къобалдича, дийнаххьий, буьйсанний наб яйнера сан. [17] ТIаккха берриг Делан белхаш сайна гича, суна хиира, Дала стигална кIел мел дечу хIуманна адам тIекхиалур доцийла. Хаа мел гIертарх а, хуур дац цунна иза. Нагахь цхьана хьекъалалла долчу стага шена хаьа бохуш хилча а, цуьнан а йиш яцара иза дерриг а ма-дарра хаа.

### Вайн массеран а хинберг цхьа кхоллам бу

9 Аса сайн дог тIедерзийра иштта хIума талла:
Делан карахь ву бакъахьарниг а, хьекъалдерг
а, церан гIуллакхаш а. Адамашна ца хаьа, Далла
шаьш дезар ду я дац. И дерриг а тIедогIун дерг ду.
[2] ХIора стагаца а хиндерг цхьаъ ду:
бакъахьарачуьнца а, зуламхочуьнца а,
Далла хьалха цIеначуьнца а, боьхачуьнца а.
Дикачу стагана а хир ду
къинош летийначунна хиндерг.
Далла хьалха дуй бууччунна а хир ду
Цунна хьалха дуй баа цаваьхьачунна хиндерг.
[3] Стигална кIел хуьлучу гIуллакхашна юкъахь
хIара цхьа хала бала бу: массеран а цхьа кхоллам
хир бу. Адамийн дегнаш зуламех дуьзна ду. Церан
ойланаш сонта хуьлу уьш бехачу хенахь, ткъа цул
тIаьхьа уьш а беллачарна тIаьххье дIабоьлху.
[4] Вехаш волчу хIораммо а цхьана хIумане сатуьйсу.
Олуш ма ду: «Дийна долчу жIаьлина гIолехь ду,
делла долчу лоьмана чул». [5] Дийна болчарна шаьш
лийр дуй хаьа, ткъа веллачунна хIумма а ца хаьа.
Беллачарна кхин ял хир яц, ткъа адамашна уьш
бицлур бу. [6] ДIакхелхинчу адамийн безаммий,
цабезаммий, церан лаамашший – уьш дерриш а
дIадевлла. Стигална кIел мел дечу гIуллакхашкахь
цара кхин цкъа а дакъалоцур дац.

### Устазан хьехам

[7] Хазахетарца даа ахьа хьайн бепиг, ткъа хьайн чагIар а мала деган самукъадаларца. Ахь и гIуллакхаш дарна Дела реза ву хьуна. [8] Муьлххачу хенахь а духар сирла хуьлийла хьан, хьан коьрта тIе хьаькхна деза хьакхар хуьлийла, хьо

† *Iебархойн маттахь долчу тептаран маьIна кхузахь шалха ду. Цу меттехь деша мега: *Ткъа гIаларчу бахархошна церан харцонаш йицлора.**

самукъадаьлла вуйла хууш. 9 Стигална кIел
доккхучу хьайн кхетамбоцучу дахаран деношкахь
Дала хьайна еллачу а, хьуна езачу а зудчуьнца хьо
вахарх дезар эца. ХIунда аьлча хьан дахарехь а,
стигална кIел ахь бечу балха тIехь а иза хьуна Дала
делла дакъа ду. 10 Хьайн куьйге далуш мел дерг
доггах кхочушде. ХIунда аьлча хьо дIавоьрзур
волчу эхартахь я болх хир бац, я кхетам хир бац, я
хьекъалалла хир дац, я хаарш хир дац.

## Хан а, хьал-де а

11 Кхин а суна гира стигална кIел долу иштта
хIуманаш:
уггар а сиха леларш а гуттара а ца бовлу хьалха,
уггар а ницкъберш а ца тоьлу тIамехь гуттара а.
Иштта хьекъал долчарна а ца кхочу бепиг гуттара
а,
кхетам болчарна а ца кхочу хьал гуттара а,
хаарш долчарна а ца хуьлу ларам гуттара а.
Царах хIораннан а шен хан а ю, шен хьал-де а ду.
12 Цу тIе, адамна ца хаьа, шен тIаьххьара де тIе
маца догIу.
Шайна кхераме йолчу бойнна чохь схьалоьцуш
долу чIерий санна,
я речIанна чохь тасалой дуьсу олхазарш санна,
иштта адамаш а шайна ца моьттучу хенахь
тIедогIучу халачу тIаьхьарчу сахьто дIалоцу.

## Хьекъалалла нуьцкъалаллал тоьлу

13 Стигална кIел суна гира кхин а цхьа
хьекъалалла. Иза ас сийлахь лерира. 14 Иштта шена
чохь кIеззиг бахархой болуш цхьа жима гIала яра.
ТIаккха цхьана ницкъболчу паччахьо, тIе а
гIоьртина, гIалин пенна гонах лаьттах баьрзнаш а
дина, го бира цу гIалина. 15 Амма цу гIалара
бахархошна юкъахь хьекъале цхьа къен стаг а
нисвелла, цо шен хьекъалаллица и гIала
кIелхьаръяьккхира. Ткъа цул тIаьхьа цу гIалара
бахархошна и къен стаг цхьанна а дага а ца веара.
16 Амма аса боху, хьекъалалла тоьлу
нуьцкъалаллал, оцу нахана цу къечу стеган
хьекъалалла дицделлехь а, цара цуьнга кхин ла ца
доьгIнехь а.

## Хьекъалалла тоьлу сонталлал

17 Хьекъалалла долчо тийна аьлла дешнаш дуккха
а гIоле ду, олахочо сонтачарна юкъахь хьоьккхучу
цIогIанал. 18 Хьекъалалла тIеман герзел дикаха ду,
амма къа латийначу цхьаммо дуккха а долу
диканиг а хIаллакдо.

10 Деллачу мозаша духIин хьожа а талхайо.
Иштта, кIеззиг йолчу сонталло стеган
дуккха а долу хьекъалалла а, сийлалла а хIаллакдо.
2 Хьекъалалла долчун дог бакъахьа агIор
дIагIерта,
ткъа сонтачу стеган дог харцахьа гIерта.
3 Ша некъахула лелаш велахь а,
сонтачу стеган кхетам ца кхочу,
ткъа цо хIоранна а ша сонта хилар гойту.
4 Нагахь хьан олахо хьуна оьгIазваханехь а, цунах
дIа ма вада.
Хьан тийна хиларо, цуьнан дакккхий гIалаташ дIа
а хьулдеш, сатедан тарло.
5 Иштта, суна кхин а цхьа нийса доцу хIума а гира
стигална кIел, тилабеллачу олахоша лелош долу.
6 Цара сонтачу нахана лакхара даржаш лора, ткъа
хьолахошна ларамаза йолу меттигаш лора.
7 Говраш тIе хевшина леш гира суна, ткъа элий,
леш болуш санна, гIаш лелаш бара.
8 †Кхечунна ор охкург ша цу чу вожа тарло.
Ткъа шен йоцу керт йохош волчунна лаьхьано
дIовш тоха тарло.
9 ТIулгаш дохош волчунна царах чов хила тарло.
Ткъа дитташ хедош волчунна царах кхерам бала
тарло.
10 Нагахь диг аьрта а хилахь,
цхьаммо а иза ир а ца дахь,
дуккха а ницкъ безар бу и болх бан.
Ткъа хьекъал хиларо буьсун болу пайда ло.
11 Ша тебале, лаьхьано це тохахь,
иза тебиначунна цунах бала пайда бац.
12 Хьекъалечу стеган дешнаша цунна ларам бахьа.
Ткъа сонтачу стеган бето ша-шен хIаллакво.
13 Цуьнан къамел доладелча, иза сонта хуьлу,
ткъа къамел чекхдаьлча, иза хьераваьлла хуьлу.
14 Сонтачу стага саццаза къамел дахь а, цхьанна а
ца хаьа хиндерг хIун ду.
Иштта хьенан таро ю шел тIаьхьа хиндерг хIун ду
ала?
15 Сонтачу стага цу тайпана болх беш хилча,
иза шен гIали чу юхавоьрзу некъ ца бовзза л
кIадло.
16 Къа ду мехкан, цуьнан паччахь сонта ялхо бен
вацахь,
цуьнан элаша сатасале дуьйна тойнаш хIиттош а
делахь.
17 Декъала бу мохк, паччахь оьздачу тайпанах а
велахь,
цуьнан элаша хIотто деззачу хенахь той хIоттош
а делахь!
Цара юург шайн дегIе ницкъ баийтархьама йоу,
ткъа малар дахархьама ца молу.
18 ХIусамда мало еш велахь,
цIийнан дукъош охьаоьгур ду.
Стага болх бан шен куьйгаш хьала ца айдахь,
цIийнан тхевнах ладар чекхдер ду.
19 Юург-мерг стагана самукъанна ду,
чагIар синкъерамна ду,
ткъа ахчано и дерриг а кхочушдо.
20 Хьайн дагахь а ма алалахь паччахьна вониг,
хьо дIавуьжучу цIа чохь а ма алалахь вон дош
хьолахочух лаьцна.
ХIунда аьлча стигалшкара олхазарша кхечу метте
дIа а хьур ду хьан дош,

† 10:8 Забур 7:16; Кицанаш 26:27.

тӀемаш долчу цара дӀаса а даржор ду хьан къамел.

### Адаман хааран дозанаш

11 Хьайн бепиг хин тӀехула дӀахеца,
ткъа шен хан тӀекхаьчча, иза юха карор ду хьуна.
2 Хьайн долу хьал кхечу ворхӀ я бархӀ стагана дӀадекъа,
хӀунда аьлча цхьанна а ца хаьа, хӀун бохам хила тарло кху лаьттахь.
3 Мархаш догӀанах юьзна елахь,
цара и догӀа доуьйтур ду лаьтта тӀе.
Ткъа нагахь дитт къилбехьа я къилбаседехьа охьадожахь,
ша охьадоьжначохь Ӏуьллур ду иза.
4 Нагахь стаг механ тергам беш хилахь,
цуьнга ялта дӀаден мегар йоцу хан билгалъяккхалур ю.
Нагахь стаг мархашка хьоьжуш хилахь,
цуьнга ялта чудерзо мегар йоцу хан билгалъяккхалур ю.
5 Хьуна ца хаьа, ненан кийрахь долчу беран дахар муха долало.
Иштта ца хаьа хьуна, дерриге а хӀума кхуллуш волчу Дала хӀун до.
6 Ӏуьйранна хьалхxе хӀу дӀаден волалой,
сарралц хьайн болх саца ма бе,
хьуна-м ца хаьа, пайден хӀун хир ду:
хьалхарниг, я шолгӀаниг, я ший а цхьатерра.

### Дахарх дезар эца, амма Дела дагахь латтаве

7 Дахаран серло мерза ю,
бӀаьргашна тамехь ду малхан са гар.
8 Хьо мел дукха вахахь а,
хӀора айхьа даьккхинчу дийнах марзо эца.
Амма дагахь латтаделахь Ӏожаллин боданан денош,
уьш хьо дийна волуш яьккхинчу хенал совдовлу.
Ткъа веллачул тӀаьхьа хиндерг кхетам тӀе ца кхуьу хӀума ду.
9 Хьо къона волуш дахарх самукъа а даккха,
хьайн къоналлин деношкахь дог ирсе долуш а хила.
Хьайн даго бохучу некъашкахула а лела,
хьайн бӀаьргашна гуш дерг ма-хеттара а де,
амма ахьа дечу дерригене а хьаьжжина,
Дала хьайна кхел йийр хилар диц ма де.
10 Хьайн даг чуьра гӀайгӀанаш а дӀаяха,
дегӀа тӀера сингаттамаш а дӀатийса,
хӀунда аьлча дахаран доладалар йолу къоналла кхетам тӀе ца кхуьу хӀуманех юьзна ю.

12 Къона волуш хьайн дагахь латтавелахь хьуо Кхоьллинарг,
хала денош тӀехӀиттале а,
«ХӀинца-м дуьненах самукъа а ца долу сан», – ахь олу хан тӀекхачале а,
2 малх а, серло а, бутт а, седарчий а кхолале а,
догӀанна тӀаьххье юха а керлачу мархаша стигал кхолаяле а.
3 Иштта дагахь латтаве хьо Кхоьллинарг,
цӀенна ха дийраш а ластабале,
нуьцкъалнаш а саттабале,
кӀеззиг бисарна хьерахь болу зударий кӀа ахьа а совцале,
корах арахьоьжучу зударийн бӀаьрса кхолале,
4 араволу неӀарш а дӀакъовлале,
хьерарчу тӀулган гӀовгӀа а сацале,
олхазаран озо хьо сама а ваккхале,
эшарийн гӀовгӀа чекх а ялале.
5 Иштта дагахь латтаве хьо Кхоьллинарг,
хьо лакхенах кхоьру хан а тӀекхачале,
некъан халонех а хьо кхерале,
миндал-дитто шен заза а хецале †,
цаьпцалг меллаша а такхале,
дахаран чам а хьан дӀабалале.
Адам Ӏожаллин цӀа чу ма доьду,
ткъа белхар хӀоттон берш хӀинца а урамашкахь лелаш бу.
6 Иштта дагахь латтаве хьо Кхоьллинарг,
дато зӀе а хадале,
дашо кад а кагбалале,
шовданан коьртехь кхаба а йохале,
хин хьостанехь чкъург а кагъялале,
7 ша схьадаьлла долчу лаьтта чу хьайн дегӀ а юхадерзале,
са делла волу Дела волчу хьайн са а юхадерзале.
8 «Ма кӀорга къайле ю! – олу устазо, – Ма кӀорга къайле ю! Ма дукха хӀума ду вайн кхетам тӀе ца кхуьуш!»

### Чаккхе

9 Тидам бе, устаз хьекъал долуш вара, цундела цо
халкъана хьехамаш бора. Цо дуккха а кицанаш
зуьйра, толлура, дӀаяздора. 10 Цу устазо, догӀуш
доллу хаза дешнаш а лоьхуш, билггал бакъдолу
дешнаш дӀаяздина.
11 Хьекъал долчун дешнаш жаӀуьнан хьоккхий
санна ду.
Цхьана жаӀуьно †† хьехна, гулдина хьекъале
кицанаш дечигах диттина хьостамий санна ду.
12 Тидам бе, сан кӀант! Кхин а цхьа дӀахьедар до ас
хьоьга! Хьекъале кицанаш гулдар чаккхе йоцу болх
бу. Хьекъалалла талларо кӀадвийр ву хьо. 13 Хьуна
дӀахезначу дерригенан а жамӀ иштта ду: Делах а
кхера, Цуьнан весеташ кхочуш а де, хӀунда аьлча
хӀора адамна тӀедиллина декхар ду иза. 14 ХӀунда
аьлча адамаша мел дечунна – къайлаха деш долу
дика я вон иза делахь а – Дала Ша кхел йийр ю.

*† Миндал олучу дитто Ӏай шен заза хоьцу, ткъа цуьнан заза кӀайн хуьлу. Цхьаболчарна хета, цу дитто Ӏай заза хецар Ӏожаллица доьзна ду. Вукхарна хета, цу диттан кӀайн заза хилар къанваларан кӀайчу месашца доьзна ду.** †† *Цхьана жаӀуьно *– цхьаболчарна хета, иза Дела я Сулим-паччахь хила тарло аьлла.**

# Илли

### Дешхьалхе

олучу тептар чуйогӀу цхьайолу байташ. Дукхахьолахь байтан кеп илли ду. Цхьадолчу байташкахь стаг зудчуьнга вистхуьлу, ткъа кхечу байташкахь зуда стаге йистхуьлу. Цхьадолчу гочдаршна тӀехь оцу тептаран цӀе ю, хӀунда аьлча Іебархойн маттахь долчу тептаран хьалхарчу аята тӀехь дӀаяздина ду Сулим-паччахь цуьнан яздархо хилар.
Дукха хьолахь жуьгтийн дин лелочара оцу иллийн маьӀна дора, Далла а, Цуьнан халкъана а юкъахь йолчу юкъаметтиган сурт ду олий, ткъа Іийсан дин лелочара иллийн маьӀна до Дала леррина Къобалвинчунна а, Цунах тешначийн динан гуламна а юкъахь йолчу юкъаметтиган сурт ду олий.

1 Сулим-паччахьан дерриге а иллешна юкъара уггар а хаза илли.

### Хьалхара илли

### ЙоӀ

Цо берташца дӀахьулйойла сан юьхь!
ЧагӀарал мерза бу хьан безам!
2 Хьан духӀийн хьожа а мерза ю.
Хьан цӀе дӀасаӀанийна хьаькхар санна ю.
Цундела веза хьо мехкаршна!
3 ДӀайига со хьайца, сихлур ду вайшиъ!
Паччахьо шен цӀа чу йиги со!
Вайшиъ самукъадаьлла хир ду, сакъоьруш хир ду.
ЧагӀарал чӀогӀа болу хьан безам хестор бу вай.
Ма нийса бу хьо дукха везаш берш!
4 Ярушалайман мехкарий,
со Ӏаьржа ю, амма хаза ю,
Къедаран четарш санна Ӏаьржа ю,
Сулиман цӀийнан шаршуш санна хаза ю.
5 Сан Ӏаьржачу басе ма хьежа –
малхо еттина со.
Сан ненан кӀенташа, суна оьгӀаз а бахана,
кемсийн бошмаш ларъян хӀоттийна со,
ткъа сайн кемсийн беш ас лар ца йина.
6 Сан дагна везнарг, алахьа соьга:
мичахь дажадо ахь хьайн даьхни?
Мичахь садоӀу ахь делкъахенахь?
Хьан накъостийн жашна уллохь хьо,
юьхь къайлла а яьккхина, хӀунда лоьхура ас?

### КӀант

7 Хьуна хӀунда ца хаьа и меттиг,
зударшна юкъахь уггар исбаьхьаниг?
УьстагӀийн лорах дӀа а гӀой,
жаӀуйн четарш уллохь
хьайн буьхьигаш яжае.
8 ПирӀунан южучу кхелашна юкъахь уггар
исбаьхьачуьнца хьо юсту ас, сан хьомениг.
9 Исбаьхьа ю хьан беснеш лергарчу чӀагаршна юкъахь.
Хьан логах кхозуш жовхӀарш ду.
10 Детица кхелина дашо чӀагарш
йойтур ю вай хьуна.

### ЙоӀ

11 Шен маьнги тӀехь паччахь хиъна мел Ӏан,
сан духӀино шен хаза хьожа йоуьйтура.
12 Сан накхошна юкъахь Ӏуьллу чохь хаза хьожа йогӀу
бецаш долу бохча санна ву сан хьомениг суна.
13 Мерзачу зазанан курс санна ву сан везарг
Ӏейн-ГӀадин кемсийн бошмашкахь.

### КӀант

14 Ма исбаьхьа ю хьо, сан деган зезаг, ма исбаьхьа ю!
Кхокха санна, эсала а, хаза а бу хьан бӀаьргаш!

### ЙоӀ

15 Ма исбаьхьа ву хьо,
сан везарг, ма безаме ву!
Соьналлех бина бу вайн мотт.
16 Вайн цӀийнан бӀогӀамаш хилла льатта баганан дитташ,
вайн чуьра тхевнаш зоьзан диттех дина ду.

2 Со Шарон-аренара акха зезаг ду,
тогӀи чуьра петӀамат-зезаг ду.

КIант

2 Коканан коьллаш юкъахь петIамат санна,
мехкаршна юкъахь ду сан деган зезаг.

ЙоI

3 Хьуьнан дитташ юкъахь Iожан дитт санна,
кхиъначу кIенташна юкъахь ву сан везарг.
Цу Iожан IиндагIехь хиъна Iаш хазахета суна,
цуьнан стоьмаш сов мерза ду ас дууш.
4 Цо со той долчу цIа чу йигира, суна
тIехула йолу цуьнан байракх – безам бу.
5 Кишмашца сан гIора чIагIдейша,
Iежашца сан дог тодейша,
гIелъяллалц безамах со хьоьгу дела.
6 Цуьнан аьрру куьг сан коьрта кIелахь ду,
аьтту куьйгаца со марайоьллина цо.
7 Ярушалайман мехкарий, сейн а, аренан лунийн а цIарах
дехар до шуьга: безам ма баккхийша сама,
ма гIаттабайша иза, цунна лаъалц.

ШолгIа илли

ЙоI

8 Сайн везарган аз хеза суна!
Иза вогIуш ву, ларьмнашна тIехула кхиссалуш,
гунашна тIехула лелхаш.
9 Сан хьомениг масарх
я къоначу сайх тера ву.
Тхан пенна тIехьа лаьтта иза,
цIийнан корах чу а хьоьжуш,
гурах чекх бIаьрг а бетташ.
10 Сан везарг соьга баха хIоьтти:
«ХьалагIатта, сан хьомениг,
сан исбаьхьаниг, араяла.
11 Хьажал, Iа а дIадаьлла, догIанаш а севцина.
12 Лаьтта тIехь зезагаш а гучудевлла.
Олхазарша эшарш лоькху хан тIееана,
къоркхокхийн аз ду вайн махкахь хезаш.
13 Инжиран дитто шен стоьмаш а марздо,
заза даькххинчу кемсийн таьлланго хьожа а гIиттайо.
ХьалагIатта, сан хьомениг,
сан исбаьхьаниг, араяла.
14 Ломан чIожана чохь болу сан кхокха,
тархашна юкъахь хьулъелла йолу хьо,
гайтахьа суна хьайн юьхь,
хьайн аз хазийтахьа суна,
хIунда аьлча хаза ду хьан аз,
юьхь а ю хьан исбаьхьа.
15 Схьалеца тхуна цхьогалан кIорнеш,
кемсийн бошмаш талхош долу!
Заза даькххина йолу кемсийн бошмаш
талхош долу цхьогалш схьалеца тхуна!»

ЙоI

16 Сан везарг сан ву, ткъа со цуьнан ю.
Цо шен жа петIаматаш юккъехь дажадо.
17 Де дохделла а далале,
IиндагIаш а дIадовдале,
цIа юхаверзахьа †, сан хьомениг,
чIажийн лаьмнашна тIерачу масарх
я къоначу сех тарлохьа.

3 Бус-буса сайн меттахь а Iуьллуш,
сайн дагна везначух а хьоьгуш,
сайн хьомечух со мел хьоьгура,
амма цкъа а иза кара ца вора.
2 Хьала а гIаьттина, гIалин урамашкахула а,
майданашкахула а дIагIур ю со.
Сайн дагна везнарг лоьхур ву ас.
Ас лийхира иза, амма суна иза ца карийра.
3 ГIалина гобоккхуш болу
гIаролхой дуьхьалкхийтира суна:
«Сан дагна везнарг-м ца гира шуна?»
4 Амма со царна уллора дIа-ма-елли,
сайн дагна везнарг карийра суна.
Иза, схьа а лаьцна, сайн ненан цIа чу,
со йинчу чоьнаш чу кхаччалц,
дIа ца хийцира ас.
5 Ярушалайман мехкарий, сейн а, аренан лунийн а цIарах
дехар до шуьга: безам ма баккхийша сама,
ма гIаттабайша иза, цунна лаъалц.

КхоалгIа илли

ЙоI

6 ХIун ю иза, яьссачу арара,
кIуьран бIогIам санна, гIоттуш ерг,
эцначу тайп-тайпанчу бецех йинчу, хаза хьожа
йогIучу хIуманийн мархашкахь а хуьлуш?
7 Хьажал! Сулим ву шен паччахьан гIантахь вахьаш,
кхузткъа тIемало ву цунна гонах,
Исраилан мехкан тоьлла тIемалой.
8 Цаьргахь массаьргахь а тарраш ду,
уьш тIамана говза бу.
Буьйсанан кхерамех лардан
тур ду цаьргахь хIорангахь а.
9 Ливанунерчу дечигах гIант дайтина Сулим-паччахьо,
цу тIехь ша дIасалелавайта.
10 Цуьнан гураш, тIе дети а лоцуш, дайтина цо,
цуьнан бух, тIе деши а лоцуш, байтина,
тIехоу меттиг цIечу кIадих яйтина.
Чуьра а Ярушалайман мехкарша
безамца кечдина ду и гIант.
11 Дуьлол, Цийонера мехкарий,
хьовсал *таж* тиллинчу Сулим-паччахье!
Паччахьо зуда ялочу дийнахь,

† *ЦIа юхаверзахьа *– я иштта: *хьийза хIинца.**

цуьнан дагна хазахетар хуьлучу дийнахь,
шен нанас иза кечвина таж ду иза!

### КIант

4 Ма исбаьхьа ду хьо, сан деган зезаг,
ма исбаьхьа ду!
Кирхьанна кIелара хьан бIаьргаш, кхокхарчий
санна, эсала бу.
ГалIад-лома тIера чуйогIучу гезарех тера ю хьан
месаш.
2 Лийчийначуьра догIучу лергинчу
жерчех тера ю хьан цергаш.
Цу жерчийн хIораннан а шен шаланиг бу,
цхьа а байна бац царна юкъахь.
3 ЦIен аса санна ду хьан балдаш,
ма хаза ю ерриг а хьан бат.
Кирхьанна тIехьа хьан беснеш
наран аьхгаш санна хаза ю.
4 Хьан ворта Даудан бIов санна ю,
исбаьхьа йина йолу.
Эзар *турс* ду цунна тIехь кхозуш,
уьш дерриш а тIемалойн ду.
5 Хьан ши накха акхачу газанан
шала йинчу шина кIорнех тера бу.
ПетIаматаш юкъахь ежаш ю уьш.
6 Де дохделла а далале,
IиндагIаш а дIадовдале,
деза даьтта долчу лам тIе гIур ву со,
хаза хьожа йолчу гу тIе хьалавер ву.
7 Ерриг а хаза ю хьо, сан хьомениг,
цхьа а сакхт дац хьуна тIехь!
8 Схьадола соьца Ливанунера, сан нускал,
схьадола соьца Ливанунера!
Амана-лома тIера сихло,
Саниран а, Хьермонан а баххьашкара,
цIоькъабергийн лаьмнаш долчуьра,
лоьмийн баннаш долчуьра схьайола.
9 Сан дог йийсаре лаьцна ахь, сан йиша, сан
нускал!
Сан дог йийсаре лаьцна ахь,
цкъа хьайн бIаьргийн нур а тоьхна,
хьайн кочара цхьа жовхIар а къагийна.
10 Ма мерза бу хьан безам, сан йиша, сан нускал!
Хьан хьестар чагIарал мел дика ду,
хьан хьакхарш массо а хазачу хьожанел гIолехь
ду!
11 Мерза моз ду хьан багара Iенаш, сан нускал.
Хьан матта кIелахь шура а, моз а ду.
Ливанунах йогIучу хьожанах тера
ю хьан бедарийн хьожа.
12 ДIакъевлина беш ю сан йиша, сан нускал.
ДIакъевлина гIу а, дIахьулдина хьоста а ду хьо.
13 Хьох долу патарш нарийн беш ю,
чохь тоьлла стоьмаш болу,
йиппар а, деза нард-даьтта а ду.
14 Деза а, мерза а тайп-тайпана даьттанаш ду,
хаза хьожа йогIучу массо а ковсташца а,
дитташца а.
Хаза хьожа йогIу сегIаз а, *сарап* а ду,
тайп-тайпана духIиш а ду цигахь.
15 Хьо бешахь долу хьоста ду,
Ливанун-ломара охьаоьхуш
долчу дийначу хин гIу а ю.

### ЙоI

16 Къилбаседера гIатта, мох,
къилбера схьахьакха,
сан беша тIе берза,
тIаккха цуьнан хаза хьожанаш схьахецалур ю.
Шен беша вогIийла сан везарг,
цуьнан мерза стоьмаш буийла цо.

### КIант

5 Сайн беша веара со, сан йиша, сан нускал.
Сайн хазачу хьожанашца сайн деза даьтта
гулдира ас,
сайн мазаца долу сайн алхаш диира ас,
сайн шуьраца сайн чагIар мелира ас.

### Зударий

Яалаш, доттагIий, малалаш,
дуззалц малалаш, безам баханарш!

### ДоьалгIа илли

### ЙоI

2 Со йижина ю, амма сан дог сема ду.
Сан везарган аз ду хезаш, цо неI етта:
«ДIаелла суна неI, сан йиша,
сан хьомениг, сан къоркхокха, сан дашониг!
Сан коьрта тIехь тхи ду,
сан месаш тIехь буьйсанан тIуналла ю».
3 Ас сайн коч дIаяьккхина.
Юха тIеюха еза ас иза?
Ас сайн когаш билина.
Бех муха бийр бу ас уьш?
4 Сан везарго неIаран хераллехула куьг
чукховдийра,
тIаккха сан дог тохаделира, иза уллохь волу дела.
5 Со хьалагIаьттира, сайн везаргана неI дIаелла.
Деза даьтта дара сан куьйгаш тIера охьаIенаш,
сан пIелгаш тIера Iенаш дара иза,
неIаран тIома тIе Iенара иза.
6 Сайн везаргана неI дIайиллира ас,
амма иза, юха а вирзина, дIавахара.
Сан са малделира, иза дIавахарна †.
Ас лийхира иза, амма суна иза ца карийра.
Со кхайкхира цуьнга, амма иза дуьхьал вист ца
хилира.
7 ГIалина гобоккхуш болчу гIаролхоша,
дуьхьалкхетча, йиттира суна, лазийра со.
ГIалин пенаш лардечара

† *Сан са малделира, иза дIавахарна *– я иштта: *Иза вистхиллачу хенахь сан са малделлера.**

тIекхоьллина хIума схьаяьккхира суна тIера.
8 Ярушалайман мехкарий, хIун эр ду аша,
нагахь сан везарг шайна гахь?
Ас чIагIо йойту шуьга,
нагахь сан везарг шайна гахь,
алийша цуьнга, со безамо гIелйина алий.

### Зударий

9 Хьан везарг кхечарал хIун гIолехь ву,
зударшна юкъахь исбаьхьаниг?
Ахь оццул тхоьга дехар дал,
кхечарал хIун гIолехь ву хьан везар?

### ЙоI

10 Сан везарг лепаш а, могуш а ву,
иза итт эзар кхечарал гIолехь а ву.
11 Цуьнан корта – цIена деши ду,
цуьнан месаш, чIуг тухуш,
хьаргIа санна, Iаьржа ю.
12 Цуьнан бIаьргаш хина йистехь
Iаш долчу кхокханех тера бу.
Шури чохь луьйчуш ду и кхокхий,
хин Iаьмнашна уллохь Iаш ду уьш.
13 Цуьнан беснеш бецийн хаьснаш ду,
хаза хьожа йолчу ораматийн хас ду.
Цуьнан балдаш петIаматаш ду,
шайх деза даьтта схьадолуш долу.
14 Цуьнан куьйгаш деших дина ду,
жовхIарш тIе а дохкуш.
Цуьнан накха пийлан шерачу кIомсарех бина бу,
маржанаш тIе а дохкуш.
15 Цуьнан настарш шагатIулган бIогIамаш ду,
дашо когаш тIе хIиттийна долу.
Ливанунах тера ду цуьнан хатI,
баганан дитташ санна, куц а долуш.
16 Цуьнан бага марзо ю,
иза верриг а хьоме ву.
Иштта ву сан везарг, иштта ву сан хьомениг,
Ярушалайман мехкарий!

### Зударий

6 Стенга вахана хьан везарг,
зударшна юкъахь исбаьхьаниг?
Муьлхачу новкъа дIавирзина иза?
Оха хьоьца цхьаьна лохур вара иза.

### ЙоI

2 Сан везарг шен беша воьссина,
мерзачу бецийн хаьснаш долчу,
бошмашкахь жа дажо а,
петIамат-зезагаш лахьо а.
3 Со сайн везарган ю, ткъа иза сан ву.
Иза петIаматаш юкъахь жа дажош ву.

### ПхоьалгIа илли

### КIант

4 Тирца-гIала санна, исбаьхьа ю хьо, сан деган зезаг,
Ярушалайм санна, безаме ю,
байракхашца долу эскар санна, инзаре ю.
5 ДIахьажабе суна тIера хьайн бIаьргаш,
цара дог тохадолуьйту сан.
ГалIадан гунаш тIера чуюьссучу
гезарех тера ю хьан месаш.
6 Лийчийначуьра догIучу жерчийн
жех тера ю хьан цергаш.
Цу жерчийн хIораннан а шаланиг бу,
цхьа а байна бац царна юкъахь.
7 Кирхьанна тIехьа хьан беснеш
наран аьхкаш санна хаза ю.
8 Кхузткъа зуда-паччахь а,
езткъа *гIарбаш-зуда* а елахь а,
багар ца баллал мехкарий белахь а,
9 амма цхьаъ бен йоцург – иза ю,
сан къоркхокха, сан дашониг.
Цхьаъ бен яц иза шен ненан,
ша йиначун къастийна ю иза.
Мехкарша, иза ган а гина, декъалйира иза,
зуда-паччахьаша а, гIарбаш-зударша а хастийра иза.
10 Мила ю иза, цIийялар санна, лепаш ерг,
бутт санна, исбаьхьа ерг,
малх санна, къегина ерг,
байракхашца долу эскар санна, инзаре ерг?
11 БIарийн беша чувоьссира со
тогIи чуьра соьналле бIаьрг тоха,
кемсийн таьлланг хецаеллий а,
нараша заза даьккхиний а хьажа.
12 Сан са хазахетарх дуьзна дара!
Хьайн деза даьтта лохьа суна,
элийн сан халкъан ва йоI! †

### Зударий

7 Юхаерза, юхаерза, кхоччуш исбаьхьаниг! ††
Юхаерза, юхаерза, тхо хьайга хьовсийта!

### ЙоI

Шу хIунда хьовсу кхоччуш исбаьхьачуьнга,
кIант шина тобанашна юкъахь халхаре санна?
2 КIархаш буьйхина хьан когаш
ма хаза бу, баьччанан йоI!
Говзачу пхьеро кечдина жовхIарш санна,
исбаьхьа ю хьан настарш.

---

† *Сан са хазахетарх дуьзна дара! Хьайн деза даьтта лохьа суна, элийн сан халкъан ва йоI!* *– я иштта: *Сан са хазахетарх дуьзна дара, элана уллохь гIудалкха тIе хиъна Iаш со воьдучу хенахь. *Я иштта: *Самукъадаларца со вегош вара, паччахьан гIудалкха чохь воьдуш санна.* †† *Кхоччуш исбаьхьаниг* *– я иштта: *Шуламера йоI.*

3 Хьан цӀонга горга кад бу,
шена чуьра мерза чагӀар ца хеда.
Хьан гӀодаюкъ кӀен барз бу,
гонах петӀамат-зезагаш долу.
4 Хьан ши накха – ши буьхьиг а,
акхачу газано шала йина ши кӀорни а санна бу.
5 Хьан ворта – пийлан кӀомсарех
йина бӀов санна ю.
Хьан бӀаьргаш – Бат-Рабиман кевнна
уллорачу Хьешбонан Ӏаьмнех тера бу.
Хьан мара – Дамасакхана тӀеерзийначу
Ливанунан бӀаьвнах тера бу.
6 Хьан корта Кармал-лам санна хьалаайина бу,
хьан коьртара месаш таьӀна-цӀен эхангах тера ю.
Паччахь цуьнан кӀужалша дӀавихкина латтташ
ву.
7 Ма исбаьхьа, ма безаме ю хьо,
сан хьомениг, сел тамехь хиларца!
8 Хурмин дитт санна, куьцехь ду хьан дегӀ,
кемсийн хорханаш санна ду хьан накхош.
9 Ас элира: «Хурми тӀе хьалавер вара со,
цуьнан стоьмаш схьалоцур бара ас».
Хьан накхош кемсийн хорханаш санна делахьара!
Хьан садеӀар Ӏежийн хьожанах тера делахьара!
10 Цуьнан балдех а, цергех а чекх а долуш,
нийсса сан везаргана тӀеоьхуш долу
тоьлла чагӀар санна хьан бат елахьара.

ЙоӀ

11 Со сайн везарган долахь ю,
суна тӀебербзийна бу цуьнан лаам.
12 Схьавола, сан хьомениг, аренга гӀур ду вайшиъ,
ярташкахь буьйсанаш йохур ю вайшимма.
13 Ӏуьйранна хьалхxе кемсийн беша гӀур ду вайша,
кемсийн таьлланг хецаеллий а, патарш
делладеллий а,
нараша заза даьккхиний а хьожур ду вайша.
Цигахь ас сайн безам лур бу хьуна.
14 Безаман зезагаша † шайн хаза хьожа хецна,
вайн неӀарехь массо а тайпа тоьлла стоьмаш бу,
керланаш а, ширанаш а –
уьш ас хьуна Ӏалашбина, сан хьомениг.

8 Сан ненан неккхах векхаш волу
сан ваша хьо велахьара!
ТӀаккха, хьо урамновкъахь дуьхьалкхетча,
ас барташ дохур дара хьуна,
цхьа а кхаьрдар вацара сох.
2 Ас сайн ненан хӀусаме вуьгур вара хьо,
цигахь ахь суна хьоьхур дара.
Ткъа ас хьуна мерза чагӀар а,
наран мутта а малор дара.
3 Цуьнан аьрру куьг сан коьрта кӀелахь ду,
аьтту куьйгаца со марайоьллина цо.
4 Ярушалайман мехкарий, дехар до шуьга:
безам ма баккхийша сама,
ма гӀаттабайша иза, цунна лаъалц.

ЙолхалгӀа илли

Зударий

5 Мила ю иза, яьссачу арара,
шен везачунна тӀе а теӀаш, схьайогӀуш ерг?

ЙоӀ

Ӏожан дитта кӀелахь самаваьккхина ас хьо.
Цигахь хьан нанас вина хьо,
цигахь хьо винчо дуьнен чу ваьккхина хьо.
6 МухӀар санна, со хьайн дага тӀе йиллахьа,
чӀуг санна, хьайн пӀелгах йоллахьа,
хӀунда аьлча, Ӏожалла санна, чӀогӀа бу безам,
дӀакхалхар санна, онда ду хьаьгна хилар.
Безаман пхерчий цӀарах дина ду,
онда цӀе ю иза ша а.
7 Даккхийчу хишка яйалур яц безаман цӀе,
хин Ӏоврашка дӀахьуллур яц иза.
Нагахь цхьаъ, шен берриг а бахам а белла,
безам эца гӀерташ хилча,
цавашарца дӀатоттур вара иза.

Зудчун вежарий

8 Жима йиша ю тхан,
накхош кхиаза ду цуьнан хӀинца а.
Оха хӀун дан деза цунна,
иза еха нах баьхкича?
9 Иза пен белахьара,
оха цунна тӀехь дато бӀаьвнаш йийр яра.
Иза неӀ елахьара,
оха баганан аннаш тухур дара цунна тӀе.

ЙоӀ

10 ХӀетахь пен санна, шера яра со, амма
хӀинца сан накхош бӀаьвнаш санна ду.
Цундела цуьнан бӀаьргашкахь
сох хӀинца кхиъна яьлларг хилира.

КӀант

11 БаӀал ХӀамунехь кемсийн беш яра Сулим-
паччахьан.
Беш лелочу нахе иза дӀаелира паччахьо.
ХӀораммо цхьа эзар дато ахча
дала дезара ша гулбинчу стоьмех.
12 Сан кемсийн беш соьгахь сайгахь ю.
Эзар ахча хьуна ду, Сулим,
ткъа ши бӀе – беш лелочарна.
13 Сан хьомениг, хьо сан бешахь Ӏаш ю.
Сан накъостий хьоьжуш бу,
хьан аз хазархьама.
Суна а хазийтахьа иза.

ЙоӀ

14 Сихлохьа, сан хьомениг, –

---

† *Безаман зезаг *– Ӏебархойн маттахь иза «дудаъ» ду. Оцу ораматах мерза хьожа йогӀу зезагаш хуьлу. Дийцарехь, цара нехан безам хилийта гӀо дора.**

масарх я къоначу сех тера

хилалахь деза даьтта долчу лаьмнаш тIехь.

# ЕшаI-ЯхIу

### Дешхьалхе

дIаяздинера Дала леррина Къобалвинарг дуьнен чу валале, борхIалгIачу бIешеран тIаьххьарчу декъехь Ярушалайм-гIалахь Iийначу пайхамаро. ХIара тептар кхаа декъе декъалуш ду:
1) Тептаран хьалхара дакъа (1–39 кортош) къилбера пачхьалкх йолу ЯхIуд-мохк нуьцкъала лулахо болчу Ашур-махко кхерош хиллачу заманах лаьцна ду. Амма ЕшаI-ЯхIуна гира, Ашур-мехкан нуьцкъалалла хилла а ца Iаш, ЯхIудан халкъан бакъболу кхерам хIун бара: къомо летадо къинош а, Деле лацадогIар а, Делах тешна Iаш цахилар а. Ирачу дешнашца а, билгалонаш санна долчу гIуллакхашкахула а пайхамаро нахе а, церан куьйгалхошка а тIекхойкхура шайн дахар нийса а, бакъдолуш а хилийтаре. Иштта цаьрга дIахьедар дора, Деле цара ла ца догIахь, царна бохам а, хIаллакьхилар а хир ду аьлла. ЕшаI-ЯхIус кхин а хаам бора цхьана тIейогIучу заманахь дерриг а дуьнен тIехь машар хирг хиларх а, Дауд-паччахьан тIаьхьенах кхачаме паччахь хирг хиларх а.
2) Тептаран шолгIа дакъа (40–55 кортош) ЯхIудан къомах болу дукхахберш Бавел-махкахь йийсарехь хиллачу заманах лаьцна ду. Оцу заманахь нах дог доьхна а, дегайовхо йоцуш а бара. Пайхамаро хаамаш бора, Дала Шен къам паргIатдаккхарх а, иза, цигахь керла дахар долорхьама, Ярушалайм-гIала юхадерзорах а лаьцна. Тептаран оцу декъехь гойтуш ду, Дела историн олахо хилар. Шен къомана леринчуьнга хьаьжжина, Далла лаьа, дуьненан массо а къаьмнаш Шен Исраилан къомехула декъалдина хилар. Ширачу бартах лаьцна долчу тептарийн уггар девзачу дешнашна юкъахь «Везачу Элан ялхочух» лаьцна аьлларг ду.
3) Тептаран кхоалгIа дакъа (56–66 кортош) халкъ Ярушалайм-гIала юхадирзинчул тIаьхьа йолчу заманах лаьцна ду. Оцу хенахь халкъана, чIагIдеш, хаийта дезаш дара, Шен къомана Ша дина ваIданаш Дала кхочушдийриг хилар. Цуьнан гIайгIа яра нийсо а, бакъо а лелорах а, шоьтан деза де лардарх а, сагIа даккхарх а, доIанаш дарх а лаьцна. Тидам тIебохуьйтуш ду 61 коьртан тIера 1-2 аяташ, Iийсас Шен хьехам дIаболош далийна дешнаш ду уьш.

1 †Iузи-ЯхIу а, Йовтам а, Ахьаз а, Хьузакх-ЯхIу а
ЯхIуд-махкахь пачхахьаш болчу заманчохь
Амосан кIантана ЕшаI-ЯхIуна ЯхIуд-махках а,
Ярушалаймах а лаьцна Дала суьрташ хIиттийра.

### ЕшаI-ЯхIус дуьйцу Дала Шен халкъах бехк баккхарх лаьцна

2 ЛадогIа, стигалш, ладогIа, латта, хIунда аьлча
Везачу Эло боху: «Ас, кхиийна, айинера Сайн
кIентий, ткъа уьш Суна дуьхьалбевлла. 3 Старана
шен да вевза, вирана шен хIусамден хьаьвда
девза, ткъа исраилхошна Со ца вевза, Сан халкъ ца
кхета».
4 Къа ду хьан, къилахь къам, къинойх дуьзна долу
халкъ, зуламхойн тукхам, талхаран тIаьхье! Веза
Эла дIа а тесна, Исраилан халкъан Везачу Делах а
ца даьшна, Цунна букъ берзийна аша. 5 Шуна
кхидIа а хIунда таIзар дан деза? Шу кхидIа а хIунда
дуьхьалдовлу? Берриг а корта цамгар кхетта бу,
дерриг а дог гIелделла ду. 6 Когийн айрашна тIера
хьеюккъе кхаччалц дийна меттиг яц хьан дегIа
тIехь. ДегIа тIехь чевнаш ю, сурхаш евлла,
делладелла даьIнаш ду. Уьш цIан ца дина, дIа ца
дихкина, царна даьтта ца хьаькхна, лазар
лахдархьама.
7 Шун латта дассаделла, гIаланаш цIеро ягийна,
шун кхаш хийрачу наха дассош ду шун бIаьргашна
хьалха. Дерриг а дассаделла, Дела хийрачу нахана
тIелетча санна. 8 Цийонан йоI †† го лаьцна йисина
ю. Иза льтта кемсийн бешахь йолу бун санна,
наьрсийн кха тIехь йолу *кхалор* санна. 9 ‡Нагахь
массо а ницкъийн Везачу Эло цхьаболу дийна
биснарш вайна битина ца хиллехь, вай Седам-гIала
санна хир дара, Iамор-гIаланах дIатарлур дара.

† 1:1 а: ТIаьххьарнаш 15:1-7; 2 Шерашкахь 26:1-23; б: ТIаьххьарнаш 15:32-38; 2 Шерашкахь 27:1-9; в: ТIаьххьарнаш 16:1-20; 2 Шерашкахь 28:1-27; г: ТIаьххьарнаш 18:1–20:21; 2 Шерашкахь 29:1–32:33.

†† Цийонан йоI *– иза ю Ярушалайм-гIала. И гIала Цийон цIе йолчу лам тIехь льтташ ю.* ‡ 1:9 Доладалар 19:24; Римхошка 9:29.

[10] Везачу Элан даше ладогIа, Седамера
баьччанаш! Вайн Дала тIедиллиначуьнга ладогIа,
Iаморера халкъ! [11] †Везачу Эло боху: «Суна стенна
оьшу аша сел дукха сагIанаш дахар? УьстагIий
дагоран сагIанех а, дустийначу даьхнин махьарах а
тIехвуьзна ву Со. Стерчийн а, Iахарийн а, гезарийн
а цIий Суна тамехь дац. [12] Шу Суна дуьхьалхIитта
даьхкича, хьан боху шуьга Сан керт хьеша. [13] Ма
кхехьа Суна ца оьшу совгIаташ. Суна вон хета аша,
хаза хьожа йогIу хIуманаш а ягош, доху сагIанаш.
Бутт цIинлун денош а, шоьтан денош а даздар а,
дезачу деношкахь шун гулдалар а ца деза Суна.
Харцонаш лелийначул тIаьхьа, аша динан
гуламашкахь даздар Суна дегаза хета! [14] Бутт
цIинлуш шун гулдалар а, шун деза денош а Суна
бIаьрга дан ца деза. Уьш мохь санна ду Суна, амма
Со кIадвелла и мохь дIакхехьа.
[15] ДоIанаш а деш, аша куьйгаш кхийдочу хенахь
Аса шух Сайн бIаьргаш дIакъовлу, шайн доIанаш
аша алсамдаьхча, Суна ца хеза, хIунда аьлча шун
куьйгаш цIийх дуьзна ду. [16] Хих довла, цIанло, шайн
зуламе гIуллакхаш Сан бIаьргашна хьалхара
дIадаха, вониг ма де. [17] Диканиг дан Iама, нийсо
лелор лаха, гIело яр сацаде, вон гIуллакх нийсонца
къастаде, йисина Iачу зудчун бакъонаш ларъе.
[18] Дуьйло, цхьаьна къастор ду вай, – боху Везачу
Эло. – Шун къинош кIадин таьIна-цIен бос санна
дIа ца дахалуш делахь а, ло санна, кIайдийр ду
уьш. Уьш сирла-цIен бедар санна делахь а, тIаргIа
санна, кIайдийр ду. [19] Нагахь, Соьга ла а доьгIна, Ас
бохург аша тIеэцахь, лаьтто кхиийна уггар диканиг
дуур ду аша. [20] Ткъа, Сох дIа а къаьстина, шу
дуьхьалдовлахь, туьро дIакхоллур ду шу». Хаа ду
шуна, Везачу Эло Ша элира иза.

### Къинош летийна гIала

[21] Тохара Везачу Элана тешаме хилла йолу гIала
хIинца, кхечу деланашна Iамал а еш, кхахьпанах
тар ма елла! Тохара бакъдерг лелорах юьзна яра
иза, нийсо цунна чохь Iаш яра, амма хIинца цигахь
адамаш дойурш бен бац! [22] Хьан детино боьха
пардо лаьцна, хьан дика чагIар хино талхийна.
[23] Хьан баьччанаш, дуьхьал а бевлла, къуйн
декъахой хилла. Царна массарна а кхаьънаш деза,
лучу хIуманна тIаьхьабевлла лела уьш.
Кхелахошна хьалха байш ца лардо цара, йисина
Iачу зудчун гIуллакх цара къаста ца до.
[24] Цундела боху берриге а ницкъийн Хьалдолчу
Эло, Исраилан Нуьцкъалчо: «Сайна
дуьхьалбевллачех Со паргIатвоккхур ву Аса, Сайн
мостагIашна бекхам бийр бу Аса! [25] Аса Сайн куьг
хьуна дуьхьал дерзор ду. Аса хьуна тIера боьханиг
дIадоккхур ду, тIелеттачух хьо цIанйийр ю.
[26] Хьалха санна Ас хьуна куьйгалхой лур бу. Тохара
санна Ас хьуна хьехамчаш лур бу. Цул тIаьхьа хьох
„Нийсонан *шахьар*“ а, „Тешаме гIала“ а эр ду».
[27] Цийон нийса йинчу кхело кIелхьарйоккхур ю,
Далла тIебирзина цуьнан бахархой кIелхьарбохур
бу, Дала бакъдерг лела а деш. [28] Далла дуьхьал
бевлларш а, къинош летийнарш а лийр бу, Веза
Эла дIатеснарш хIаллакбийр бу.
[29] Шу юьхьIаьржа хир ду ножан боьлакаш
бахьана долуш, аша цигахь цIушна Iибадат дина
дела. Шуна эхь хетар ду шайн бошмаш бахьана
долуш, дог царах лезна дела. [30] ГIа охьадоьжна наж
санна, хир ду шу, хи доцу беш санна, хир ду.
[31] Ондачух кевстаг хир ю, цуьнан гIуллакхах суй хир
бу. Уьш цхьаьна догур ду, цхьаммо а дIа а ца
дойуш.

### Дуьнен тIехь долу машаран паччахьалла

(Мика-ЯхIу 4:1-3)

2 Амосан кIантана ЕшаI-ЯхIуна ЯхIуд-махках а,
Ярушалаймах а лаьцна сурт хIоьттира. Цо
иштта хаам бора:
[2] ТIаьхьарчу деношкахь иштта хир ду:
Везачу Элан цIа лаьтташ болу лам
массо а лаьмнийн коьрте дIахIоттор бу.
Иза массо а баьрзнел лакхабер бу,
цунна тIе дерриг а халкъаш оьхур ду.
[3] Дукхха а халкъаш тIедогIур ду. Цара эр ду:
«Схьадуьйла, вай Везачу Элан лам тIе а,
Якъубан *Делан цIа* долчу а хьаладевр ду.
Везачу Эло вайна Шен некъашца лела хьоьхур ду.
ТIаккха вай, Цуьнан некъашца а лелаш, дехар
ду».
ХIунда аьлча *товрат-хьехам* Цийон-лам тIера
схьабер бу,
ткъа Везачу Элан дош Ярушалаймера схьадер ду.
[4] ††Цо къаьмнашна юкъахь маслаIат дийр ду,
дукхачу халкъашна юкъара къовсамаш совцор бу.
ТIаккха цара шайн таррех хьонхалш бийр бу,
ткъа гоьмукъех маьрсаш дийр ду.
Цхьана халкъо вукху халкъана тIе тур ойур дац.
Уьш тIом бан кхин Iемар бац.
[5] Яло, Якъубан тIаьхье! Везачу Элан серлонехь
лелар ду вай.

### Дегалла дIаяккхар

[6] Ахьа Хьайн халкъ, Якъубан тIаьхье, дIа ма тесна,
хIунда аьлча нах малхбалера долчу Iадатех буьзна
бу, пIелаштамхоша санна, цара бозбунчалла
леладо, ткъа хийрачу къаьмнийн нахаца тIекаре ю
церан. [7] Цу халкъан латта детих а, деших а дуьзна
ду, дагар ца даллал хазнаш ю цуьнан, латта
дIалаьцна говраш а ю, ягар ца яллал гIудалкхаш а
ю. [8] Цуьнан латта цIуша дуьзна, шайн куьйгаша
бинчу царна Iибадат деш бу и нах.
[9] ХIора адамо царна хьалха ша лахдо, хIора стаг
царна охьатаьIа. Царна геч ма дехьа!
[10] ‡Хьехахшна чу а гIой, лаьтта бухахь къайладовла
Везачу Элана хьалха болчу кхерамах а, Цуьнан

† 1:11-14 Iамос 5:21, 22.

†† 2:4 Юал 3:10; Мика-ЯхIу 4:3. ‡ 2:10 Довзийтинарг 6:15; 2 Тассалникахошка 1:9.

возаллин сийлаллех а. [11] Стеган лакхара хьажар
охьатаIийна хир ду, адамийн дегалла лахъер ю. Цу
дийнахь цхьа Веза Эла хир ву лакхахь лаьтташ.
[12] Берриг а ницкъийн Везачу Элан де догIур ду
курачунна а, дегалчунна а, айаделлачунна а – уьш
берриш а охьатаIор бу. [13] И де догIур ду лекха а,
айаделла а долчу Ливанунан баган-дитташна а,
Башанан нежнашна а, [14] дерриге а лекхачу
лаьмнашна а, айаделлачу гунашна а, [15] муьлххачу а
лекхачу бIаьвнна а, муьлххачу ондачу пенна а,
[16] Таршашан дерриге а хIордкеманашна а, уггар
хазачу кеманашна а. [17] Стеган куралла лахйийр ю,
адамийн дегалла охьатаIийна хир ю. Цу дийнахь
цхьа Веза Эла хир ву лакхахь лаьтташ, [18] ткъа цIуш
гуттаренна а дIабевр бу.
[19] Тархашкахь долчу хьехаш чу а, лаьттарчу
оьрнаш чу а дIалечкъар бу нах, Везачу Элах а,
Цуьнан возаллин сийлаллех а кхерабелла, Иза
латта дего веача. [20] Цу дийнахь стага ша *Iибадат
дан* бина дато а, дашо а цIуш боьлкъазаршна а,
бирдолагашна а дIакхуьйсур бу, [21] тархашкахь
долчу хьехаш чу а, лаьттарчу оьрнаш чу а
дIалачкъархьама, Везачу Элах а, Цуьнан возаллин
сийлаллех а кхера а велла, Иза латта дего веача.
[22] Стагах бIобулий ма Iе – мерIуьргашкахула
синош дахарца бен иза ца веха. Цунна тIетовжа
йиш юй ткъа?

## Ярушалаймана таIзар дар

3 Хьалдолу Эла волу берриге а ницкъийн Веза
Эла Ярушалаймера а, ЯхIуд-махкара а массо а
тайпана гIо а, гIоьнча а дIаваккха хIутту. Цо
дIабоккхур бу баьпкаца а, хица а бина кечам а,
[2] турпалхо а, тIемало а, кхелахо а, пайхамар а, пал
тосург а, воккха стаг а, [3] тIеман хьаькам а, цIеяхана
верг а, хьехамча а, говза пхьар а, молханаш лелош
верг а. [4] Везачу Эло бераш хIиттор ду, церан
хьаькамаш хилийтархьама. КIентий хир бу царна
тIехь олалла деш. [5] Халкъана юкъахь цхьаммо
вукхунна а, стага уллорачунна а гIело йийр ю.
Жимачо воккханиг лоруш хир вац, ладамбоцучо –
лараме верг.
[6] ТIаккха стага, шен ден доьзалехь волу ваша схьа
а лаьцна, цуьнга эр ду: «Хьан тIехулара бедар ю,
тхан баьчча а хилий, хIокху саьлнийн дола дехьа».
[7] Амма цо чIагIонца эр ду: «Соьга хIумма а нислур
дац нахана юкъахь, сан чохь бепиг а дац, тIехулара
бедар а яц, сох халкъан баьчча ма велаш».
[8] Иштта Ярушалайм техкаш ю, ЯхIудан халкъ
дужуш ду! Цара мел олург а, дийриг а Везачу Элана
дуьхьал ду. Цуьнан сийлаллица Иза хьоьжуш хилар
дола хета царна. [9] Церан яххьаша гойту уьш бехке
хилар, шайн къинах лаьцна цара, ца лечкъош,
седамхоша санна, дуьйцу. Къа ду церан! Шаьш
шайна бохам бо цара.
[10] Делан лаамехь волчуьнга цуьнца дика хир ву
ала, хIунда аьлча ша динчу дикачу гIуллакхех
пайда оьцур бу цо. [11] Ткъа Iесачун къа ду, хIунда
аьлча ша динчу вочу гIуллакхашна бекхам хир бу
цунна.
[12] Бераша санна, куьйгалхоша сан халкъана гIело
йо, зударша санна, олалла а до цунна тIехь. Ва сан
халкъ! Хьан баьччанаша Iехадо хьо, нийсачу
новкъара даьккхина хьо цара.

## Везачу Эло Шен халкъана кхел йо

[13] Кхел ян гIаьттина Веза Эла, Иза лаьтташ ву
халкъашна кхел ярхьама. [14] Кхел а еш, Шен
халкъана юкъара баккхий берш а, баьччанаш а
бехкебо Везачу Эло: «Сан кемсийн беш санна токхе
долу къам дассийнарг шу ма ду! Мискачарах
лачкъийна хIонсах шун цIенош дуьзна ма ду! [15] Сан
халкъ хьийзо а, мискачарна ницкъ бан а, шуна
бакъо хьан елла?» – боху берриг а ницкъийн
Хьалдолчу Эло.

## Ярушалаймера зударшна дIахьедар дар

[16] Везачу Эло элира: «Цийонан зударий, ца
бешаш, кортош а айина, бIаьргаш а кхерстош,
курачу боларца когаш тIера зIенаш а екош, лела.
[17] Цийонан зударийн кортошна тIехь чераш
хуьлуьйтур ду Хьалдолчу Эло, церан хьаьжнаш
дерзина дохуьйтур ду Везачу Эло, уьш
юьхьIаьржачу а хIиттош».
[18] Цу дийнахь Везачу Эло хаза хIуманаш цаьргара
дIайохур ю: когаш тIера хаза зIенаш а, коьртан
бехчалгаш а, беттан суьртехь тIеухку хIуманаш а,
[19] лергах ухкургаш а, хIазарш а, кирхьанаш а,
йовлакхаш а, когийн туьтеш а, доьхкарш а, духIи
чохь долу шишанаш а, молханаш а, [20] пIелгах а,
мерах а юкку чIагарш а, [21] тIехулара а, чухулара а
бедарш а, кирхьанаш а, бохчанаш а, [22] сирла а,
дуткъа а кIадеш а, таьжнаш а, корталеш а.
[23] Хаза хьожа йогIучу хIуманан метта боьха хьожа
йогIу хIума хир ю, доьхкаран метта муш хир бу,
хьийзинчу месийн метта – кIунзал, синкъераман
бедаран метта – сингаттаман духар, хазаллин метта
хIост † хир ду.
[24] Хьан божарий туьро эгор бу, тIамехь турпалхой
лийр бу. [25] ГIалин кевнийн бIогIамаша гIайгIа йийр
ю, уьш тийжаш а хир ду. Ша гIала, ерзина зуда
санна, яссийна лаьттахь Iаш хир ю.
4 Цу дийнахь ворхI зудчо, цхьа стаг схьа а
лаьцна, эр ду: «Тхайн бепиг дуур ду оха, тхайн
духар а лелор ду, ахь хьайн цIе лелаяйтахь тхоьга
тхаьшна тIера эхь дIадаккха».

## Ярушалайм юхаметтахIоттор

[2] Цу дийнахь Везачу Эло кхиийначу зIийдаго
хазалла а, сийлалла а лур ю. Лаьттан ялто дозалла
а, сий а лур ду Исраилан халкъах дийна
бисинчарна. [3] Цийонан гIалахь бисначех а,
Ярушалаймехь дийна бисначех а – Ярушалайм-
гIалахь дахарна дIакъастийначех массарех а – Дала

† *ХIост *– бежана довзийта билгало яр.**

базбинарш эр ду. 4 Иза иштта хир ду, Хьалдолчу
Эло Цийонан зударий цIена ца хилар дIадаьккхича,
Ярушалайм цунна тIерачу цIийх дIацIанйича. Цо
иза дийр ду кхел яран а, цIеран а синца. 5 †Берриг а
Цийон-лома тIехула а, цунна тIехь мел гулбинчу
нахана тIехула а Везачу Эло дийнахь кIуьран марха
а, буьйсанна сирла йогуш цIе а латтор ю. Делан
ерриге а сийлаллина тIехь марханан *кхалор* хир ю.
6 Цу кхалоро дийнахь йолчу йовхонах дIалачкъа
IиндагI лур ду, ткъа догIанах а, дарцах а
къайлавала иза бун санна хир ю.

### Кемсийн бешах долу илли

5 ††Сайн Хьомсарчунна илли эр ду аса,
Хьомсарчун кемсийн бешах долу илли.
Сан Хьомсарчун кемсийн беш яра
хьийкъинчу лам тIехь.
2 Бешара латта а аьхкина, тIулгаш дIа а даьхна,
тоьлла йолу кемсийн таьллангаш юьйгIира Цо
цига.
Цул тIаьхьа беша юккъехь бIов а йира,
муттдоккхург ян цунна чохь ор а даьккхира.
Бешо дика кемсаш яларе хьоьжуш Iийра Иза,
амма цо муьста кемсаш бен ца елира.
3 Ткъа хIинца оцу кемсийн бешан Олахочо боху:
«Ярушалайман бахархой а, ЯхIуд-мехкан адамаш а,
Суна а, Сан кемсийн бешана а юкъахь долу
гIуллакх къастадейша. 4 Айса динчул сов Аса Сайн
кемсийн бешана дан дисинарг кхин хIун дара? Со
дикачу кемсашка сатуьйсуш Iаш хилча, муьста
кемсаш хIунда елла цо?
5 Аса эр ду шуьга Сайн кемсийн бешана Айса ден
дерг: цуьнан коканийн керт дIайоккхур ю Аса,
тIаккха беш бежанаша яссор ю. Цуьнан пенаш
дохор ду аса, тIаккха иза массара а хьоьшур ю.
6 Бешах дассийна латта дийр ду Аса, гаьннаш а
хедор дац, охкур а яц, тIаккха цу тIехь коканан а,
эртхан а коьллаш евр ю. Мархашна омра дийр ду
Аса, беша тIе догIа ма даийта аьлла».
7 Берриге а ницкъийн Везачу Элан кемсийн беш –
иза Исраилан халкъ ду,
ЯхIудан халкъан адамаш Цунна хазахетта йолу
таьллангаш ю.
Иза нийсо хиларе хьийжира,
амма ницкъ бар хилира,
бакъдолчуьнга хьийжира,
амма бакъонаш йохор хилира.

### Вониг а, цунна догIу таIзар а

8 Къа ду шун, цIенна тIе цIа а, аренна тIе аре а
оьцучеран. Кхечарна меттиг ца юьту аша, шаьш
бен хIокху лаьтта тIехь доцуш санна. 9 Сан
лергашна хезаш берриг а ницкъийн Везачу Эло
чIагIо йира: «Дуккха а долу и цIенош даьсса хир ду,
даккхий а, хаза а долу уьш чохь Iаш нах а боцуш
хир ду. 10 Итт шуьстане цхьана дийнахь ахалучу
аренал йолчу кемсийн бешо цхьа черма чагIар бен
лур дац. Пхи гали дIадийначу хIуьно цхьа мазал ‡
кIа бен лур дац».
11 Къа ду, Iуьйранна хьалххе мала *йий* лаха хьала
а гIевттина, чагIаро шаьш дох а деш, сарралц
Iийначийн. 12 Церан тойнашкахь тайп-тайпанара
дечиг-пондарш а, жиргIанаш а, зурманаш а, иштта
чагIар а ду. Амма Везачу Элан гIуллакхашка ца
хьовсу уьш, Цуьнан куьйгаша мел дийриг царна ца
го. 13 Иштта, сан халкъ йийсаре гIур ду, Везачу Эло
дечух уьш ца кхетарна. Сан халкъан баьччанаш
мацалла лийр бу, ткъа халкъах кхиберш хьогах
лийр бу. 14 Эхарто, шор а делла, барам боцуш шен
бага гIаттор ю. Халкъан баьччанаш а, кхиберш а,
церан гIовгIа а, дерриг а самукъадоккхург а цу чу
охьадуссур ду.
15 Нах лахбийр бу, адамаш охьатаIор ду, ткъа
курачийн бIаьргаш а охьахьовсуьйтур бу. 16 Ткъа
массо а ницкъийн Веза Эла вазвийр ву Цо нийсо
лелош хиларца, Везачу Дала бакъдерг лелорца
Шен возалла гойтур ду. 17 Шайн дежийлашкахь
санна, Iахарий дежар ду, ткъа хьолахоша
дIатесначу боьхначу бахамашкахь хийрачу наха
хIума кхоллур ю.
18 Харцонийн машшашца шайна тIаьхьа къа
кхоьхьучеран а, гIудалкхийн доьхкаршца санна,
зулам шайна тIеийзочеран а къа ду. 19 Цара боху:
«Дела сихлойла, Ша аьлларг Цо сиха кхочушдойла,
вайна иза гархьама. Схьакхочийла иза, Исраилан
халкъан Везачу Делан сацам кхочушбойла, вайна
иза хаархьама!»
20 Къа ду вонах дика ду а, диканах вон ду а
олучийн, царна боданах серло а, серлонах бода а
тарло, къаьхьаниг мерза а, мерзаниг къаьхьа а
хета!
21 Къа ду шаьш шайна хьекъал долуш а, кхетам
болуш а хетачийн!
22 Къа ду чагIар мала майрачийн а, чIогIа малар
кечдан говзачийн а. 23 Цара харцверг бакъво,
шайна кхаьънаш делча, ткъа догцIеначарна
нийсаниг дан ца магадо! 24 ЦIеро ча дIакхаллар
санна а, екъа буц цIеран алунашкахь дIаялар санна
а, церан орам телхар бу, ткъа церан заза, чан
санна, дIасадер ду, хIунда аьлча цара Берриг а
ницкъийн Везачу Элан *товрат-хьехам* дIатесна,
Исраилан Везачу Делан дашах ца баьшна уьш.
25 Цу бахьаненна Везачу Эло оьгIазалла Шен
халкъана тIе йоссор ю, Цо, тIе куьг а кховдийна,
таIзар дийр ду цунна. Цу хенахь лаьмнаш хир ду
дегош, адамийн декъий а хир ду арахь Iохкуш,
гоьргаш санна. И дерриг а хилча а, Везачу Элан
оьгIазалла дIаялаза хир ю, Цуьнан куьг а
дIакховдийна лаьтташ хир ду.
26 Дала генарчу халкъашна байракх хьалаойур ю,
лаьттан йистошкахь Iачарна билгало лур ю.

† *4:5 Арадаккхар 13:21; 24:16.* †† *5:1, 2 Маттай 21:33; Марк 12:1; Лака 20:9.*

‡ *Мазал *– хIуманан йозаллин барам. Цхьа мазал шина гирданан барам бу.**

Хьажал, мостагIа сиха а, атта а схьакхочуш ву!
27 Царна юкъара цхьа а кIад ца ло, цхьаннан а ког а
ца тасало. Царах цхьанна а наб оза ца йо, цхьа а ца
тхьаьвса. Цхьаммо а гIодаюкъ а ца йосту, цхьаннан
а мачийн бахтар а ца хеда. 28 МостагIчун пхерчий
ира ду, Iедаш дуьйлина ду, цуьнан говрийн берташ
мокхазах тера ю, гIудалкхийн чкъургаш, мох санна,
хьийзаш ю. 29 Цо яькххина гIовгIа лоьман санна ю,
цо до гIигI къоначу лоьмийн Iахарх тера ду.
МостагIчо, гIигI а деш, бовда гIерта нах схьалоьцу,
цхьаммо а уьш цуьнгара схьабохур бац.
30 Оцу дийнахь марсбаьллачу хIордо ен гIовгIа
санна лаьтта тIехь мостагIа гIергIаш хир ву. Нагахь
санна цхьаъ лаьтта хьаьжча, цунна бода а, бала а
гур бу, ткъа мархаша серло дIакхоллур ю.

### Дала ЕшаI-ЯхIу пайхамар хила тIеккхайкхар

6 [†]Iузи-ЯхIу-паччахь веллачу шарахь лекхачу а,
айаделлачу а Iаршна тIехь охьахиъна Iаш волу
Хьалдолу Эла гира суна. Цуьнан обанан йистоша
дерриг а *Делан цIа* хьаладуьзнера. 2 Цунна тIехула
лаьттара сирап-маликаш [††]. Церан хIораннан а ялх
тIам бара: шинца цара юьхь дIакъовлура, шинца
когаш къайлабохура, ткъа шинца тIема довлура
уьш. 3 [‡]Вовшашка кхойкхуш, бохура цара:
«Веза ву, веза ву, веза ву
массо а ницкъийн Веза Эла!
Дерриг а латта Цуьнан сийлаллех дуьзна ду!»
4 [‡†]Церан аьзнаша Делан цIийнан неIсагIанаш
егайора, ткъа цIа кIуьрах хьаладуьзира.
5 Ас элира: «Къа ду сан! ХIаллакьхили со! Сан бага
цIена яц, цIена баганаш йоцучу халкъана юкъахь
Iаш а ву со, ткъа сан бIаьргашна гина Паччахь,
массо а ницкъийн Веза Эла».
6 ТIаккха цхьа сирап-малик суна тIедеара.
Морзахца сагIа доккхучу кхерчара схьаэцна, богуш
болу кIега бара цуьнан карахь. 7 КIега сан бетах а
Iоьттина, цо элира: «ХIара хьан бетах хьакхабелла,
хIинца хьан бехк дIа а баьккхина, хьан къиношна
гечдина».
8 Юха суна Хьалдолчу Элан аз хезира. Цо бохура:
«Мила вахийта Ас? Мила гIур ву Вайн дуьхьа?»
ТIаккха ас элира: «Со кийча ву! Со вахийтахьа».
9 [‡‡]Цо элира: «Ваха а гIой, ала оцу халкъе: „Хезар
ду шуна, амма кхетар дац шу. Хьоьжур ду шу, амма
маьIна къастор дац аша“. 10 Оцу нехан дегнаш
чIагIде, лерган къорде, бIаьргаш дIакъовла, церан
бIаьргашна са ца гайта а, лергашна ца хазийта а,
дегнаш тIаьхьа ца кхиийта а. Цара иза динехьара,
уьш Суна тIе а боьрзур бара, царна дарба а дийр
дара».
11 Ас элира: «Дукхачу ханна хир дуй иза, Хьалдолу
Эла?»

Цо жоп делира: «ГIаланаш ясса а елла, бахархой а
боцуш йиссалц, адамаш доцуш цIенош диссалц,
хIара латта дерриг а дассадаллалц. 12 Веза Эла
волчу Аса адамаш кхузара генна дIадуьгуьйтур ду,
тIаккха хIара латта чIогIа дассалур ду. 13 Адамийн
уьтталгIа дакъа лаьтта тIехь дисахь а, мохк юха а
багийна хир бу. Амма ножах, хадийча, лаьттахь
юьхк йисаре терра, цу халкъан йисначух деза хIу
хир ду».

### Ахьаз-паччахьна лерина болу хаам

7 [‡‡†]Iузи-ЯхIун кIентан Йовтаман кIант Ахьаз
ЯхIуд-мехкан паччахь а волуш, Рицан Арам-
мехкан [‡‡‡] паччахь а волуш, ткъа Рамли-ЯхIун кIант
Пикххахьи Исраил-мехкан паччахь а волуш, тIом
баьлла. Рицан а, Пикххахьи а тIамца Ярушалайм-
гIалина тIелетира, амма цаьрга иза схьа ца
яккхаелира.
2 Даудан тIаьхьенах волчу Ахьаз-паччахье хаам
кхечира, арамхой эпраймхошца [§] цхьаьнакхетта
аьлла. И кхаъ хезча, паччахь а, цуьнан нах а
кхерабелира, мохо ластийна хьуьнхара дитташ
санна, бегийра уьш.
3 Везачу Эло ЕшаI-ЯхIуга элира: «Хьо а, хьан кIант
Шиар-Яшаб [§†] а Ахьазана дуьхьал гIо. Лакхарчу
Iома чуьра хи охьадогIучохь, хIуманаш юьттучеран
аренга боьдучу новкъа вала ший а. 4 Ахьазе ала:
„Ларло, амма синтеме хила, кхера а ма кхера,
хьайн дог а ма дохаде, и сийсина догуш долу ши
дечиг бахьана долуш – Рицан шен арамхошца а,
Рамли-ЯхIун кIант а оьгIазвахана дела. 5 Арамхой а,
эпраймхой а, Рамли-ЯхIун кIант а хьуна зулам дан
гIерташ бу, цара боху: 6 ‘ЯхIуд-махкана тIе а летта,
иза, кхера а бина, тIамца схьа а баьккхина,
Табиалан кIант цигахь паччахь хIоттор ву вай’.
7 Амма Хьалдолчу Эло боху:
‘И хIума лаьттар дац,
и гIуллакх кхочушхир дац,
8 хIунда аьлча Араман олахо Дамасакх-гIала ю,
ткъа Дамасакхан олахо Рицан бен вац.
Кхин кхузткъе пхи шо даьлча, эпраймхой,
шаьш бохийна хиларна, кхин къам хир дац.
9 Эпрайм-мехкан олахо Шамран-гIала ю,
ткъа Шамранан олахо Рамли-ЯхIун кIант бен вац.
Нагахь санна шу ца тешахь,
шу чIагIдина хир дац’“».

### Делан билгало: Iимануал

10 Везачу Эло Ахьазе кхин цкъа иштта хаам бира:
11 «Хьайн Везачу Делера хьайна цхьа билгало еха.
И билгало лаьтта бухара я лакхарчу стигалара хила
мегаш ю».

† *6:1 ТIаьххьарнаш 15:7; 2 Шерашкахь 26:23.* †† *Сирап-маликаш *– ялх тIам болу стигалшкара хIума.** ‡ *6:3 Довзийтинарг 4:8.* ‡† *6:4 Довзийтинарг 15:8.* ‡‡ *6:9, 10 Маттай 13:14, 15; Марк 4:12; Лака 8:10; Яхьъя 12:40; Векалийн 28:26, 27.*

‡‡† *7:1 ТIаьххьарнаш 16:5; 2 Шерашкахь 28:5, 6.* ‡‡‡ *Арам-мохк *– иза хIинцалерчу Сири-мехкан цхьа дакъа хилла.** § *Эпраймхой *– къилбаседера пачхьалкх йолчу Исраил-мехкан уггар доккха тайпа Эпрайман тайпа дара.** §† *Шиар-Яшаб *– и цIе «нахах бисинарш бен юхабоьрзур бац» маьIна долуш ю (Деша 10:20-22).**

12 Ахьаза элира: «Ас йоьхур яц цхьа а билгало,
Веза Эла зуьйр вац ас».
13 ТIаккха ЕшаI-ЯхIус элира: «ЛадогIа соьга, Дауд-
паччахьан тIаьхьенах берш! Нахана шаьш ен
халонаш а ца тоьуш, сан Далла халонаш ян дохку
шу? 14 †Хьалдолчу Эло Ша лур ю шуна билгало:
„ЙоIа, берах а хилла, кIант вийр ву, цуьнан цIе
Iимануал †† туьллур ю. 15 Цо кIалд а, моз а дуур ду,
вониг дIататта а, диканиг тIеэца а Iаммалц. 16 И бер
вониг дIататта а, диканиг тIеэца а Iамале, шу
кхоьруш волчу шина паччахьан мехкаш дассийна
хир ду.
17 Амма Везачу Эло хьуна а, хьан халкъана а, хьан
ден цIенна а тIе Эпрайман къам ЯхIудан къомах
дIакъаьстинчу хенахь дуьйна ца хилла денош
хIиттор ду – Цо Ашур-мехкан паччахь шуна тIе
лотуьйтур ву.
18 Цу дийнахь Везачу Эло шок тухур ю, Мисар-
махкахь уггар генахь йолчу хин Iоврашкара мозий
‡ а, Ашур-махкахь долу накхармозий а
схьакхайкхархьама. 19 Схьа а даьхкина,
боьранашка а, тархийн кIаьгнашка а, кIохцалш мел
долчу коьллаш тIе а, ерриг а руьйтанаш тIе а
охьаховшур ду уьш.
20 Оцу дийнахь Хьалдолчу Эло Эпрат-хина
дехьара тIелаьцначу уьрсаца – Ашурхойн
паччахьца – шун коьрта а, когашна а тIера чоьш
дIадошур ду, ур-атталла маж а дIайоккхур ю.
21 Цу хенахь стаге цхьа шинар а, ши уьстагI а бен
кхабалур бац, 22 амма цара луш йолу шура шортта
хиларна, цо кIалд юур ю. Кху лаьтта тIехь
бисначара массара а кIалддий, моззий дуур ду.
23 Иштта хIума а хир ду цу хенахь: эзар дато
*шекхал* ахча мах болу эзар кемсийн таьлланг
хьалайолучу меттехь коканан а, кIохцалан а
коьллаш евр ю. 24 Iедаш а, пхерчий а эцна, лелар бу
цига нах, хIунда аьлча дерриг а цу лаьтта тIехь
коканан а, кIохцалан а коьллаш хир ю. 25 Хьалха
охуш лелийначу цхьана а лам тIе вахалур вац,
цигарчу коканийн а, кIохцалийн а коьллех
кхерарна. Цига стерчий дIалохкур ду, кегийрачу
дохно хьоьшур ду коканаш“».

### ЕшаI-ЯхIун кIант билгало хилар

8 Везачу Эло соьга элира: «Поппаран йоккха
экъа схьа а эций, йозанан гIирсаца къаьсташ
дIаязде цу тIехь: „МахIир-Шалал-Хьаш-Баз ‡†“». 2 Ас
тешаме волу ши теш лецира сайна: *динан да* волу
УръяхIу а, Юбарах-ЯхIун кIант Закри-ЯхIу а.
3 Шегахь Делера хаам болуш йолчу зудчух
кхийтира со. Цо, доьзалхочух а хилла, кIант вира.
Везачу Эло соьга элира: «Цуьнан цIе МахIир-
Шалал-Хьаш-Баз тилла, 4 хIунда аьлча цу кIантана
„сан да“, „сан нана“ ала Iамале, Дамасакх-гIалин
хьал а, Шамран-гIалин хIонс а Ашур-мехкан
паччахьна хьалх�хула дIахьур ду».

### Ашур-мехкан паччахь тIелатар

5 Везачу Эло кхин а цкъа соьга къамел дира:
6 «ХIара халкъ тийна догIучу Шилон-хих ца
дашарна, Рицанах а, Рамли-ЯхIун а кIантах а
доккхадерна, 7 Везачу Эло буьрса а, доккха а Эпрат-
хи хоьцур ду цунна тIе – иза берриг а шен
ницкъаца волу Ашур-мехкан паччахь хир ву. И хи,
шен дерриге а хоршара ара а даьлла, массо а
бердаш тIе дер ду. 8 ЯхIуд-махкахула дIа а дахана,
иза хьала а буьзна, лаккха хьаладер ду иза, лога
кIел кхаччалц. Iимануал, Хьан латта мел ду
дIасадаьржар ду иза, дIасадахийтинчу тIемашца
санна!»
9 МостагIалла леладе, халкъаш, ткъа дог доьхна
хила. Генара мехкаш, ладогIалаш! ТIамана кечам
бе, ткъа дог доьхна хила! ХIаъ, кечам бе, амма хаа
ду шуна, шу дог доьхна хир ма ду! 10 Дага хIуманаш
леца, амма уьш нислур дац. Дош ала, амма иза
кхочушдийр дац, хIунда аьлча тхоьца Дела ву!

### Везачу Элах тешна Iаш хиларе кхайкхар

11 Суна тIе онда куьг а диллина, цу халкъан
новкъахула лелар суна дехка а доьхкуш, Везачу Эло
соьга иштта элира: 12 ‡‡«Цу халкъо къайлаха барт
бар мел ду бохучух къайлаха барт бар ду ма баха,
иза кхоьручу хIуманах ма кхера, ткъа Iадийна ма
хила. 13 Массо а ницкъийн Веза Эла шайн Веза Дела
бен ма лара, Цуьнга бен ларамах дуьзна ма хила,
Цунна хьалха бен Iадийна ма хила! 14 ‡‡†Иза шун еза
меттиг хир ю. Амма Исраилан шина пачхьалкхана
Цунах нах тасаболуьйтун болу тIулг а, уьш
охьаоьгун болу *тарх* а хир ю, ткъа Ярушалайман
бахархошна Цунах речIа а, гур а хир бу. 15 Царах
дукхахберш таса а белла, охьа а эгар бу, хIаллак а
хир бу, речIанна юкъа а нисбелла, схьа а лоьцур
бу».
16 ХIара тоьшаллин тептар, дIа а хьарчадай,
дIадехка. ХIара хьехаман тептар мухIарца дIа а
къовла. Сан мурдаша иза лардойла. 17 ‡‡‡Якъубан
тIаьхьенах Шен юьхь къайлаяькkхинчу Везачу Эле
хьоьжуш хир ву со, Цунах дегайовхо йолуш хир ву
со. 18 §ХIара со а ву, Везачу Эло суна делла бераш а
ду. Цийон-лам тIехь Iаш волчу массо а ницкъийн
Везачу Эло исраилхошна тоьшаллина а,
билгалонна а дахкийтина ду тхо.
19 Шуьга иштта эр ду: «Шабар-шибар деш болчу
жинашца тайначех а, эвлаяэх а дагадийла. Халкъ
шен деланех дагадала дезаш дац ткъа? Дийначийн
дуьхьа беллачех дага ца довлу ткъа?»
20 Сан хьехамна а, тоьшаллина а догIучуьнга бен
ла ма догIа. Оцу наха дуьйцург Делан дашца ма ца
догIу – церан Делан нур дац!

† *7:14 Маттай 1:23.* †† *Iимануал *– кху цIеран маьIна «Дела тхоьца ву» бохург ду.** ‡ *Мозий... накхармозий *– уьш эскарш ду бохург ду.** ‡† *МахIир-Шалал-Хьаш-Баз *– иза «хIонсе сихвалар, къоламе марзвалар» бохург ду.**

‡‡ *8:12, 13 1 Кипин 3:14, 15.* ‡‡† *8:14, 15 1 Кипин 2:8.* ‡‡‡ *8:17 Iебархошка 2:13.* § *8:18 Iебархошка 2:13.*

[21] Къизачу Iазапехь а, меца а болуш, лаьтта
тIехула лелар бу и нах. Мацалла хIоьттинчу хенахь,
дар а белла, шайн паччахьна а, Далла а луьйр бу
уьш. [22] Стигала а, лаьтта а хьовсур бу уьш, бала а,
бода а гур бу царна, буькъачу бодане кхиссина хир
бу уьш. Амма хIинца ша чIагIбеллачу меттехь
гуттар а хир бац бода.

### ВогIур волу Паччахь

9 †Хьалхалерчу заманахь Забул-мехкан а,
Наптал-мехкан а латтанаш сийсаздахийтина
хиларе терра, тIейогIуш йолчу хенахь хIордйистера
некъ шена тIехь болу мохк – Йордан-хил дехьа
болу мохк а, кхечу къаьмнех болчу нехан болу
Галилай-мохк а – сий дина хир бу.

[2] ††Боданехь леллачу халкъана
йоккха серло гира!
Iожаллин IиндагIехь болчу махкахь
Iийначу нахана серло къеггина дIахIоьттира!
[3] Веза Эла, Ахь дебийна и халкъ,
Ахь алсамдаьккхина цуьнан хазахетар.
Хьуна хьалха, ялта чудерзош санна,
хIонс йоькъуш санна, самукъадолуш ду иза.
[4] ХIунда аьлча Ахь кагдина дIадаьккхина
цунна хало йина долу дукъ а,
цуьнан белшаш тIе йиттина Iаса а,
цунна ницкъ бинчун гIаж а,
маданхойн эскар Ахь эша-ма-дарра.
[5] ТIом бинчу тIемалойн эрриг а мачаш
яго цIерга тосур ю.
ТIамехь цIийх юьзна эрриг а бедарш
цIеро дIакхоллур ю.
[6] ХIунда аьлча вайна бер дина –
кIант велла вайна.
Олалла хир ду Цуьнан белшаш тIехь.
Цунна цIе туьллур ю:
Тамашийна Хьехамча, Нуьцкъала Дела,
Гуттар а волу Да, Машаран Эла.
[7] ‡Цуьнан олалла дIасадаьржаш хир ду,
цу чохь машар даим лаьтташ хир бу.
Даудан тIаьхьенах волу паччахь санна цо
шен пачхьалкхана тIехь куьйгалла дийр ду.
И пачхьалкх дIа а хIоттийна,
цунна тIехь паччахьалла дийр ду цо
нийсонца а, диканца а,
хIинца дуьйна абаденналц.
Массо а ницкъийн Везачу Элан
эмгаралло кхочушдийр ду иза.

### Исраилан курачу къомана таIзар дар

[8] Хьалдолчу Эло таIзар до Якъубан тIаьхьенна,
исраилхошна хуьлу и таIзар. [9] Цунах лаьцна хуур ду
берриге а исраилхошна – Эпрайман тайпанна а,
Шамран-гIалин бахархошна а. Цу наха куралл ица а,
ца башарца а боху: [10] «Кибарчигаш охьаэгна, ткъа
оха хьаькхна тIулг хьалабуттур бу. Инжиран дитташ
охьадетта, ткъа оха тоьлла долу кхин дитташ дугIур
ду».
[11] Рицанан мостагIий Везачу Эло Исраилан
халкъана дуьхьалбехира, ткъа Исраилан мостагIий
иракарахIиттийра Рицанна тIелата. [12] Арамхой
малхбалера тIелетира, пIелаштамхой малхбузера
тIегIоьртира, ткъа схьайиллинчу батошца цара
Исраилан мохк дIакхаьллира. Иза иштта делахь а,
Везачу Элан оьгIазалла дIа ца яьлла, Цуьнан куьг
кхидIа а халкъана тIехула дIакховдийна ду, таIзар
дархьама.
[13] Амма халкъ шена Йиттина Волчунна тIе ца
дирзина, массо а ницкъийн Веза Эла ца лехна цо.
[14] Везачу Эло Исраилан халкъан корта а, цIога а
дIахадор ду, хурма-диттан га а, эрз а цхьана
дийнахь дIабоккхур бу. [15] Воккханиг а, цIе яхана
верг а, – иза корта бу, харцо Iамош волу пайхамар –
иза цIога ду. [16] Тхьамданаша и халкъ нийсачу
новкъахула ца дуьгу, цара дIабуьгурш туьлуьйтуш
бу. [17] Цу халкъа юкъара кегийрачу нахах
воккхавийр вац Веза Эла, байх а, бисина Iачу
зударех а къинхетам бийр бац Цо, хIунда аьлча
уьш берриш а Iесанаш а, зуламхой а бу, церан
баганаша сонталла юьйцу. Иза иштта делахь а,
Везачу Элан оьгIазалла дIа ца яьлла, Цуьнан куьг
кхидIа а халкъана тIехула дIакховдийна ду, таIзар
дархьама.
[18] Харцо цIерах тера ю, цо, марсйолуш, коканан а,
кIохцалан а коьллаш ягайо, юха луьстачу хьуьна
юккъе кхочу иза, кIур стигала хьала а болуьйтуш.
[19] Массо а ницкъийн Везачу Элан дералло махках
цIе тосу, ткъа халкъ цIеро дIакхоллу. Стаг шен ваша
кIелхьарваккха а ца хьожу. [20] Нах, аьтту агIор
кхевдича а, меца буьсур бу, аьрру агIор кхевдича а,
меца буьсур бу. ХIора а шен гергарчунна тIелетар
ву. [21] Маннашан тайпано Эпрайман тайпанна
дуьхьал тIом бийр бу, Эпрайма Маннашана
дуьхьал, юха и ши тайпа ЯхIудана дуьхьал летар ду.
Иза иштта делахь а, Везачу Элан оьгIазалла дIа ца
яьлла, Цуьнан куьг кхидIа а халкъана тIехула
дIакховдийна ду, таIзар дархьама.

10 Къа ду зуламе парзаш дечеран а, къиза
сацамаш дIаязбечеран а. [2] Цара Сан халкъа
юкъара къен нах нийсачу кхеле ца кхочуьйту,
гIийлачеран бакъонаш схьайоху, бисина Iачу
зударийн а, байн а долахь дерг дIадоккху. [3] ТаIзар
дечу дийнахь, геннара бохам тIебеача, хIун дан
дохку шу? Хьаьнга гIо доьхур ду аша? Шайн хьал
мичахь дуьтур ду аша? [4] Схьалецначу нахана
юкъахь шу охьасеттар бен дац, байинчарна юкъа
охьаоьгур бен дац. Иза иштта делахь а, Везачу
Элан оьгIазалла дIа ца яьлла, Цуьнан куьг кхидIа а
халкъана тIехула дIакховдийна ду, таIзар дархьама.

### Ашур-мехкан паччахь Делан герз хилар

[5] ‡‡«Къа ду Ашуран къоман. Иза Сан оьгIазаллин
гIаж ю! Цуьнан карахь Сан бекхаман Iаса ю. [6] Iесачу

† 9:1 Маттай 4:15. †† 9:2 Маттай 4:16; Лака 1:79. ‡ 9:7 Лака 1:32, 33.

халкъана дуьхьал, Со оьгIазвахийтинчу къомана
дуьхьал дохуьйту Аса ашурхойн халкъ, талор лело
а, хIонс яккха а, исраилхой, новкъара хатт санна,
хьеша а».
7 Амма ашурхойн паччахьо иштта ойла ца йо,
цуьнан дагахь иза ца хуьлу. Цуьнан Iалашо ю
дуккха а халкъаш дакъазадаха а, хIаллакдан а. 8 Цо
боху: «Сан массо а баьччанаш паччахьаш бац
ткъа? 9 КIаркамиш-гIалина динарг Хална-гIалина ца
дина те? Арпад-гIалина динарг Хьамат-гIалина ца
дина те? Дамасакх-гIалина динарг Шамран-гIалина
ца дина те? 10 ЦIуйн карахь йолу пачхьалкхаш Аса
схьаяхарна – ткъа оцу пачхьалкхийн цIуш
Ярушалаймехь а, Шамран-гIалахь а болчу цIуйл
нуьцкъала бара – 11 Ярушалаймана а, цуьнан
куьйга бинчу деланашна а Шамран-гIалина а,
цуьнан цIушна а диннарг дийр дац Аса?»
12 Цийон-лам тIехь а, Ярушалаймехь а Шен
гIуллакх чекх а даьккхина, Хьалдолчу Эло эр ду:
«Ашур-мехкан паччахьна таIзар дийр ду Аса,
цуьнан курачу даго кхиийначунна а, цуьнан
бIаьргаш дозаллех буьзна хиларна а».
13 Цу паччахьо боху: «Сайн куьйган ницкъаца а,
сайн хьекъалца а дина ас иза, хIунда аьлча со
хьекъал долуш ву. Ас халкъийн дозанаш дIадаьхна,
церан хьал схьадаьккхина. СтаргIано санна аса
паччахьаш шайн гIанташ тIера чукхиссина. 14 Сан
куьйгаша халкъийн хьал, олхазарийн баннаш
санна, схьаэцна. Баннаш чохь дисина хIоаш
схьаоьцуш санна, схьаэцна ас дерриг а латта,
цхьаммо а тIам меттах а ца баьккхи, я бага а ца
гIаттий, я цхьа а гIовгIа а ца йи».
15 Диг ша лелочу стагал тоьлуш хир дуй? Херх ша
хьоккхучул тоьлуш хир буй? Ша хьалаайинчу
стагана тIехь олалла дийр дуй те гIожо? Дечигах
бен боцучу хьоккхано адам хьалаойур дуй те?
16 Массо а ницкъийн Хьалдолчу Эло берстинчу
тIемалошна тIе хIоралла хоьцур ю. Ашур-мехкан
паччахьан сийлаллех цIе латор ю, ткъа и цIе чIогIа
йогуш хир ю. 17 Исраилан Серлонах цIе хир ю,
цуьнан Везачух алу хир ю, цхьана дийнахь
ашурхойн паччахьан коканан коьллаш а, къух а
догуш йолу. 18 Ашурхойн паччахьан мел йолу
хьаннаш а, бошмаш а, доь ца дуьтуш, хIаллакйийр
ю Цо. Вала воллу стаг гIелваларх тера хир ду иза.
19 Бере а дагардаллал кIезиг дитташ дуьсур ду
цуьнан хьаннаш чохь.

## Бисина исраилхой Далла тIе берзар

20 Цу хенахь Исраилан халкъах бисина болу,
Якъубан тIаьхьенах кIелхьарбевлла нах шаьш
эшийначух кхин тешна Iаш хир бац. Церан
дегайовхо билггал Везачу Элах, Исраилан Везачух,
хир ю. 21 Халкъах жима дакъа юхадоьрзур ду,
Якъубан тIаьхьенах бисинарш – Нуьцкъалчу Далла
тIе боьрзур бу. 22 †ХIордан гIум санна, дукха нах
хьан хиллехь а, Исраил, царах бисинарш бен Далла
тIе боьрзур бац. Халкъ хIаллакдан сацам бина,
нийса таIзар къомана тIехдер ду. 23 Халкъ
хIаллакдан Ша дина омра берриг а махкахула
кхочушдан воллу массо а ницкъийн Хьалдолу Эла.
Массо а ницкъийн Хьалдолу Эла Ша омра дина
хIаллакдар берриг а махкахула кхочушдан воллуш
ву.

## Ашуран къомана таIзар дар

24 Массо а ницкъийн Хьалдолчу Эло боху: «Цийон-
лам тIехь Iаш долу Сан халкъ! Ашурхойх ма кхера,
цара шуна гIожмаш тохахь а, цара, хьалха
мисархоша санна, шуна ницкъ бахь а. 25 Жимма хан
яьлча, Сан оьгIазалла дIаер ю, тIаккха Сан дералла
уьш хIаллакбарна тIейоьрзур ю». 26 Массо а
ницкъийн Веза Эла царна шед етта воллуш ву,
Iораб-тархана уллохь маданхошна Цо шед ма-
еттара. Шен Iаса Цо хIорда тIехула а лаьцна, хьалха
мисархошна санна, ашурхошна дуьхьал ойур ю.
27 Цу деношкахь Везачу Эло хьан белшаш тIера
Ашуран беза мохь дIабоккхур бу. Хьан вортанна
тIера дукъ дIадаьккхина хир ду – хьо дерстина
хиларна, и дукъ кагдийр ду.

## Хийрачу мехкашкара бIо тIелатар

28 Ашурхой Iаят-гIалина тIелетта, МагIран-
гIаланах чекх а бевлла, Михмас-гIалахь
тIаьхьалонна дерг охьадуьллу цара. 29 Лаьмнех
дехьа а бевлла, ГибаI-гIалахь буьйса яккха совцу
уьш. Рама-гIалин бахархой бегош бу, Шаулан ГебаI-
гIалахь Iаш берш дIасабевдда. 30 Орца даккха,
Галлам-гIалин бахархой! Тидам бе, Лайша-гIалин
бахархой! Жоп ло, Iанатот-гIалин бахархой!
31 Мадмуна-гIалара нах бевдда, Гибаймера
бахархой дIабаха сихбелла. 32 Оццу дийнахь Нуб-
гIалахь лаьттар бу уьш. Ярушалайм-гIалин гуна,
Цийон-ломана шайн буйнаш лестор бу цара.
33 Массо а ницкъийн Хьалдолчу Эло доккхачу
гIоранца дитташ тIера гаьннаш схьадохур ду,
даккхийнаш дIахьокхур ду, лекханаш лаьтта эгор
ду. 34 Цо дагарца луьста хьун хьоккхур ю,
Нуьцкъалчун куьйгах Ливанунан хьаннаш оьгур ю.

## Машаран пачхьалкх

11 ††Юшайн ‡ юьххах зIийдаг хьалаер ю,
цуьнан орамех га схьадер ду.
2 Везачу Элан Са цунна тIехь Iийр ду.
Оцу Сино цунна хьекъал а, кхетам а лур бу,
Цо хьехам а, ницкъ а лур бу,
Цуьнгахула цунна Веза Эла вевзар а ву,
Цунна хьалха ларамах вуьзна а хир ву.
3 Веза Эла ларар цунна тамехь хир ду.
БIаьргашца гиначуьнга хьаьжна,
цо гIуллакх къастор дац,

‡† *10:5-34 ЕшаI-ЯхIу 14:24-27; Нахьум 1:1–3:19; Цапни-ЯхIу 2:13-15.* † *10:22, 23 Римхошка 9:27.*

†† *11:1 Довзийтинарг 5:5; 22:16.* ‡ *Юшай *– иза Дауд-паччахьан да хилла.**

лергашца хезначуьнга хьаьжна,
цо нахана кхел йийр яц.
4 [†]Къечарна кхел нийсонца йийр ю цо,
лаьттан гIело хьоьгучеран гIуллакх
догцIеналлица къастор ду цо.
ГIаж санна, багара схьадолучу шен дешнашца
цо лаьттана еттар ю.
Балдашкахула схьайолучу шен Iаьнарца
цо Iесанаш бойур бу.
5 [††]Нийсо цуьнан хенаш тIера доьхка санна хир ю,
тешаме хилар цуьнан юкъах долу доьхка хир ду.
6 [‡]ТIаккха борз Iахарца цхьаьна Iийр ю,
цIокъ буьхьигна уллохь Iуьллур ду,
эса а, къона лом а, дерстина даьхни а цхьаьна хир ду.
Жимачу беро лелор ду уьш.
7 Етт стечу ченаца цхьаьна бежар бу,
церан кIорнеш цхьаьна Iохкур ю,
лоьмо, старо санна, ча дуур ду.
8 Бер лаьхьанан Iуьрга уллохь ловзур ду,
цо шен куьг цуьнан бенна тIе кховдор ду.
9 [‡†]Берриг а Сан безачу лам тIехь
зен а, зулам а хир дац,
хIунда аьлча, хино хьалабузу хIорд санна,
Веза Эла вовзарх хьаладуьзна хир ду латта.

## Йийсаре дIабигнарш юхаберзар

10 [‡‡]Оцу дийнахь Юшайн орамах схьаваьлла стаг,
кхечу халкъашна байракх санна, гучувер ву. Кхечу
къаьмнех болчара иза лоьхуш хир ву, ткъа иза Iаш
волу меттиг сийлалла хир ю. 11 Оцу дийнахь Везачу
Эло юха а Шен куьг дIакховдор ду Ашур-махкара а,
Мисар-махкара а, ПатIрус-махкара а, Хуша-махкара
[‡‡†] а, Iейлам-махкара а, ШанIар-махкара а, Хьамат-
гIалара а, хIордан йистехь дехаш долчу
къаьмнашкара а Шен халкъах дисина дакъа, мах а
бина, юхадало. 12 Везачу Эло кхечу къаьмнех болчу
нахана байракх хьалаойур ю, шайн махкара
дIалаьхкина исраилхой схьагулбийр бу, Ша
дIасабаржийна яхIудхой дуьненан еа а маьIIера
схьакхойкхур бу. 13 Эпрайман хьагI а дIаер ю,
ЯхIудан мостагIалла дIахедар ду. Эпрайман ЯхIуде
хьагI хир яц, ЯхIуда Эпраймана мостагIалла лелор
дац. 14 Эпрайман а, ЯхIудан а къам, малхбузехьа а
дахана, пIелаштамхошна тIелетар ду, малхбалерчу
халкъийн хьал схьадоккхур ду цара. Эдоман а,
Муабин а къаьмнаш цара эшор ду, ткъа Iамминан
халкъ муьтIахь хир ду цушинна. 15 [‡‡‡]Мисаран
хIордана хи чукхета меттиг якъор ю Везачу Эло.
Морцучу мохаца Цо, тIехула Шен куьг а лаьцна,
Эпрат-хи, ворхI татол а дина, доькъур ду. Цу
татолех, кIархаш а буьйхина, дехьавалалур ву.
16 ТIаккха Ашур-махкахь дисинчу Цуьнан халкъан
декъана боккха некъ хир бу, ша Мисар-махкара
арадолучу хенахь Исраилан халкъана иза хиларе
терра.

## Баркаллин илли

12 Цу дийнахь вайн къомо эр ду:
«Хьо хаставо оха, Веза Эла.
Хьо тхуна оьгIазвахана хиллехь а,
Хьайн оьгIазалла дIаяьккхина,
Ахь тхуна синтем белла.
2 [§]Дела ву тхо кIелхьардоккхург,
Цунах тхо тешна Iаш ду,
тхо ца кхоьру цхьана а хIуманах,
хIунда аьлча Веза Эла тхан ницкъ бу,
Цуьнан дуьхьа оха илли олу,
Цо тхо кIелхьардаьхна дела.
3 КIелхьардовларан хьостана чуьра
хи оьцур ду аша самукъадаларца».
4 Цу дийнахь аша эр ду:
«Хаставе Веза Эла, деха Цуьнга,
халкъашна Цуьнан гIуллакххех лаций дийца,
Цуьнан цIе сийлахь хилар дагадаийта массарна а.
5 Иллица хаставе Веза Эла,
Цо сийлахь гIуллакххаш дина дела.
ДIахоуьйла иза дерриге а дуьненахь.
6 Мохь хьоьккхуш доккхаде, Цийонан халкъ,
хIунда аьлча Исраилан Везаниг
хьуна юкъахь сийлахь ву».

## Бавелна бекхам бар

13 [§†]ХIара бу Амосан кIантана ЕшаI-ЯхIуна
Бавелах лаьцна гучубаьккхина болу хаам.
2 «Берзинчу лам тIехь байракх айа, айинчу озаца
тIемалошна омра де. Куьг ластаде цаьрга, уьш
хьолахойн кевнашна чугIортийта. 3 Айса
дIакъастийначаьрга омра дина Аса, Сан дозаллех
самукъадолуш болчу Сайн тIемалошка кхайкхира
Со Сан бекхам кхочушбе аьлла.
4 ЛадогIа, лаьмнашкахь гIовгIа хезаш ю –
адамийн йоккхачу тобанан гIовгIа! ЛадогIа,
пачхьалкхашна юкъахь гIовгIа хезаш ю –
къаьмнаш цхьаьнакхетаран гIовгIа! Массо а
ницкъийн Веза Эла доккха эскар хIоттош ву, тIом
бархьама. 5 Генарчу махкара, дуьненан йистера,
схьавогIуш ву Веза Эла Шен бекхам баран
герзашца, дерриг а латта хIаллакдархьама.
6 [§††]Делха, герга ду Везачу Эло кхел ен де. Цу
дийнахь Нуьцкъалчо дерриг а хIаллакдеш болу
ницкъ гойтур бу. 7 Цундела массеран а куьйгаш,
чуьра са дIадаьлча санна, охьагIур ду, хIораннан
дог, Iадийна, дешар ду. 8 Уьш кхерабелла хир бу,
чIогIачу лазарша дIалоцур бу уьш. Бер деш йолу

---

† 11:4 2 Тассалникахошка 2:8. †† 11:5 Эпасхошка 6:14. ‡ 11:6-9 ЕшаI-ЯхIу 65:25. ‡† 11:9 Хьабукъа 2:14. ‡‡ 11:10 Римхошка 15:12. ‡‡† Хуша-мохк *– Хуша аьлла долу латта Нил-хин лакхахьара охьадогIийла йолчохь Iуьллуш долу латта дара. Цунна чудогIуш дара Мисар-мехкан къилбехь Iуьллуш долу латта а, хIинцалера Судан олучу пачхьалкхана чудогIуш долу латта а, иштта хIинцалерчу Эфиопина къилбаседехьа долу латта а.* ‡‡‡ 11:15 Довзийтинарг 16:12.

§ 12:2 Арадаккхар 15:2; Забур 117:14. §† 13:1–14:23 ЕшаI-ЯхIу 47:1-15; Ярми-ЯхIу 50:1–51:64. §†† 13:6 Юал 1:15.

зуда санна, хьийзар бу и нах. Йогучу яххьашца,
цецбевлла, вовшашка хьоьжур бу уьш. 9 ХIинца
оьгIазаллица а, йогучу дераллица а тIедогIуш ду
Везачу Элан буьрса де. Лаьттах яьсса аре ян а, цу
тIера къинош летийнарш дIабаха а догIуш ду и де.
10 †Стигаларчу седарчаша а, седарчийн тобанаша а
шайгара серло лур яц. Ша хьалагIоттуш, малх
кхоьлина хир бу, батто а шен серло лур яц.
11 Ас дуьненна таIзар дийр ду цо динчу вонна
дуьхьал, ткъа Iесачарна шаьш летийначу
къиношна доггIург дийр ду. Ас курачийн дегалла
дIайойур ю, ницкъбечеран деза деттар сийсаздийр
ду. 12 Дийна бисина нах цIеначу дешил сов кIезиг
хуьлуьйтур бу Ас, Апарера деъначу дешил а кIезиг
адамех диснарш дийр ду Ас. 13 Берриг а ницкъийн
Везачу Элан дералла бахьана долуш, Цуьнан
чIогIачу оьгIазаллин дийнахь, Цо стигал ластор ю,
латта а ша долчуьра меттахдер ду.
14 ТIаккха хIорра а, эккхийна сай санна, дIатесна
дитина уьстагIий санна, шен халкъана тIе гIур ву,
шен махка водур ву. 15 Амма каравеъначунна
*гоьмукъ* чекхбоккхур бу, схьалаьцнарг туьро вожор
ву. 16 Церан бераш царна хьалха хьошур ду, церан
цIеношкахь талораш дийр ду, церан зударий
сийсазбийр бу.
17 Ас царна дуьхьал мадайхой †† бохур бу, ткъа
цара дети а ца лору, иштта деших а дезар ца оьцу.
18 Церан Iедаша кегий нах эгор бу. Аганара бераш а
кхоадийр дац цара, берех а къинхетам бийр бац
цара. 19 ‡Бавел-махках лаьцна аьлча, иза
пачхьалкхийн хазалла а, хашадхойн дозаллин
исбаьхьалла а ю. Амма Бавел-гIала, Седам а, Iамор
а санна, Дала хIаллакйийр ю. 20 Абаден абаде
даллалц, бахархой хир бац цунна чохь, массо а
тIейогIучу тIаьхьенашкахь цигахь стаг Iийр вац.
Iаьрбичо шен четар а хIоттор дац цигахь, шайн
жеца садоIуш Iуй а Iийр бац. 21 ‡†Амма яьссачу
аренан акхарой лелар ю цу чохь. ЦIенош
бухIанаша хьаладузур ду. Страус-олхазарша бенаш
дийр ду цигахь, уьдуш акха гезарий а хир ю. 22 Акха
жIаьлеш угIур ду дIатесна йолчу цуьнан
бIаьвнашкахь, ткъа чангIалкхаш – цуьнан
исбаьхьачу гIаланашкахь. Иза хиндолу хан
гергакхаьчна, ткъа цуьнан денош дахдийр дац».

## Йийсаре дIадигначуьра халкъ юхадерзар

14 Везачу Эло Якъубан тIаьхьенах къинхетам
бийр бу, Исраилан халкъ юха а Шен халкъ
санна схьакъастор ду Цо. Шайн лаьтта тIехь
исраилхой баха ховшор бу Цо. Кхечу къаьмнех
болу нах царах дIакхетар бу, Якъубан тIаьхьенах
хотталур бу уьш. 2 Къаьмнаша исраилхошна гIо а
дийр ду, шайн меттиге юха а балор бу. Исраилан
тIаьхьено кхечу къаьмнех болчу нехан дола дийр
ду, уьш Везачу Элан лаьтта тIехь, леш а, гIарбашаш
а санна хир бу. Шаьш йийсаре лаьцначарна хIинца
йийсар дийр ду исраилхоша, шайна гIело
йиначарна тIехь цара хIинца олалла дийр ду.

## Бавелан паччахьах кхаьрдаш долу илли

3 Везачу Эло хьайн баланах а, гIайгIанах а,
луьрачу лоллех а хьо, Исраилан халкъ,
кIелхьардаьккхинчу дийнахь, 4 Бавелан паччахьах
кхардаран илли эр ду ахь:
«Ницкъ бийриг вала ма велла! Цуьнан дералла
дIа ма сецна! 5 Iесачу паччахьийн олалла гойту гIаж
Везачу Эло кагйина. 6 Оцу олахоша шайн
оьгIазаллица халкъашна ца соцуш тухура, шайн
дераллица къаьмнаш муьтIахь дора, царна ницкъ
бар юха а ца узуш. 7 Дерриге а дуьнен тIехь машар
а, сашорте лаьтта. Массара а хазахетарца
маьхьарий детта. 8 Баганан диттийн хьо дIаваларх
самукъадолу, ткъа Ливанунера дитташа
хазахетарца боху: „Хьо дIакхелхинчул тIаьхьа, цхьа
а ца вогIу тхо, хедош, охьадетта“.
9 Лахахь долу *эхарт* карзахдаьлла, хьуна, цига
лаха хью ваьлча, дуьхьалхIоттархьама. Хьуна
лерина, цо беллачийн синош самадаьхна – дуьнен
тIехь баьччанаш хилла болчийн синош. Кхечу
къаьмнийн паччахьаш хилларш шайн гIанташ
тIера гIиттийна цо. 10 Цара бохур ду хьоьга: „Тхо
санна гIорасиза висина хьо а! Тхох тар ма велла
хьо!“ 11 Дечиг-пондарш лакхарца хьо лакхаваккхар
хIинца лахахь долчу эхарта чукхоьссина ду. Хьуна
кIелахь а, мотт-гIайба хилла, нIаьний хир ду, хьуна
тIехула а, юргIа хилла, нIаьний хир ду.
12 ‡‡Стигалара охьа ма воьжна хьо, Iуьйренан
сирла седа! Дитт санна лаьттара ма хьаькхна хьо,
хьалха халкъаш эшош хилларг! 13 ‡‡†Хьайн дагахь
ахь бохура: „Стигала хьала а ваьлла, Делан седанел
а лакхадоккхур ду ас сайн гIант, къилбаседанан
йистехь болчу деланийн кхеташонан ломана тIехь
охьахуур ву со. 14 Стигалан Iаьрчашка хьала а
ваьлла, Веза Воккхачух дIатарлур ву со“. 15 Амма
хьо эхарта чукхоьссина, хьо Iинан бухе кхаьчна.
16 Хьо гуш берш, хьоьга а хьоьжуш, ойла еш бу:
„Иза вуй те и стаг, латта дегийнарг, пачхьалкхашна
тIе кхерам тийсинарг, 17 гIаланаш а йохош, лаьттах
яьсса аре йинарг, шен йийсархой цIа ца хецнарг?“
18 Къаьмнийн кхиболу паччахьаш берриш а
сийлаллица Iохкуш бу, хIора а шен къубба чохь
Iуьллуш ву. 19 Амма хьан къубба яц, пайденна доцу
га санна, аракхоьссина ву хьо. Хьо байинчеран
декъех кхелина ву, туьро Iоьттинчарна а, Iинан
тIулгашка охьадиссинчарна а юкъахь Iуьллуш ву
хьо. Ткъа хьан дакъа хьоьшуш ду. 20 Вукху
пачхьахьех дIакхетар вац хьо кошахь, хIунда аьлча
хьайн латта дакъазадаьккхина ахь, хьайн халкъ а
хIаллакдина. Цкъа а хьахор яц зуламхойн тIаьхье.

† 13:10 *Яхьазкхиал 32:7; Маттай 24:29; Марк 13:24, 25; Лака 21:25; Довзийтинарг 6:12, 13; 8:12.* †† *Мадайхой *– уьш Бавел-махкана къилбаседе-малхбалерачу къомах бу. ТIаьхьо и къам парсихойн пачхьалкхана чудогIура.** ‡ *13:19 Доладалар 19:24.* ‡† *13:21 ЕшаI-ЯхIу 34:14; Цапни-ЯхIу 2:14; Довзийтинарг 18:2.*

‡‡ *14:12 Довзийтинарг 8:10; 9:1.* ‡‡† *14:13-15 Маттай 11:23; Лака 10:15.*

[21] Цуьнан кIентий байа меттиг кечъе. Уьш
хIаллакбийр бу церан дайн къинош бахьана
долуш. Цаьрга, гIовтта а гIевттина, латта дIа ма
лацийта, дуьне гIаланех хьала ма дузийта».

## Бавел а, Ашур-мохк а бохор

[22] «Царна дуьхьал гIоттур ву Со, – боху массо а
ницкъийн Везачу Эло, – Бавелан халкъан цIе а
йойур ю, ерриг а тIаьхье а, кIант а, кIентан кIант а
хIаллаквийр ву, – боху Везачу Эло. – [23] Бавел
зуьнашна дIалур ю, цигахь уьшал хIоттор ю.
Ондачу девзагца хьаькхна дIайоккхур ю Аса иза», –
боху массо а ницкъийн Везачу Эло.
[24] †Массо а ницкъийн Везачу Эло чIагIо йира: «Аса
ойла ма-ярра хир а ду, Аса сацам ма-барра, кхочуш
а хир ду. [25] Сайн махкахь ашурхой хIаллакбийр бу
Аса, Сайн лаьмнашкахь уьш хьошур бу Аса.
Ашурхойн дукъ Сан халкъана тIера дIадер ду,
церан белшаш тIера беза мохь а дIабер бу».
[26] Иштта хир ду дерриг а дуьненна лерина
къастийнарг, массо а халкъана тIехула лаьцна
Везачу Элан куьг а ду, [27] хIунда аьлча массо а
ницкъийн Везачу Эло къастийнарг хьаьнга
дIадаккхалур ду? Цо кховдийна куьг хьаьнга
сацалур ду?

## ПIелаштамхой хIаллакбар

[28] ††Ахьаз-паччахь веллачу шарахь Делера болу
иштта хаам кхечира:
[29] ‡«Доккхадеш ма хила, пIелаштамхойн халкъ,
хьайна ницкъ беш хилла гIаж кагъелла алий. Оцу
лаьхьанах дIаьвше кIорни хир ю. Орамал стом вон
хиларе терра, лаьхьанан хIоьах кхераме саьрмик
хир ма бу. [30] Мискачарах уггар кIезиг берш, жа
санна, бежаш хир бу, ткъа къенаш, уьстагIий
санна, кхерам боцуш Iохкур бу, амма шун орам,
мацалла а хIоттийна, хIаллакбийр бу Аса, ур-
атталла цунах кIелхьарваьлларг а лийр ву.
[31] Делха, гIалин кевнаш! Орца даккха, гIаланаш!
Кхерамах дешна хила, шу массо а пIелаштамхой!
Къилбаседера, кIур а гIаттийна, эскар догIу, цхьа а
гIийланиг вац цу бIаьна юкъахь.
[32] ПIелаштамхоша бахкийтинчу геланчашка хIун
эр ду? Оха эр ду: „Везачу Эло Цийон-гIала чIагIйина
дIахIоттийна, ткъа цу чохь Цуьнан халкъана
юкъара гIело хьегначарна дIалечкъийла карор
ю“».

## Муаби-мохк бассор

15 ‡†ХIара бу Муабих лаьцна болу хаам.
Маржа-яI, цхьана буса Муабера Iар-гIала,
дакъаза а яьккхина, йохийна ю! Маржа-яI, цхьана
буса Муабера Кхир-гIала, дакъаза а яьккхина,
йохийна ю! [2] Нах шайн *делан цIа* а, Дибон-гIала а
йолчу богIу, уьш сагIа доккхучу гунашна тIе
хьалабовлу, цигахь белхархьама. Муабин халкъо
тийжам бо Набу а, Мейдеба а гIаланех. Церан
массеран а кортош дIалергина ду, массеран а
мажош дIаяьшна ю. [3] Муабин урамашкахь нах
сингаттаман духар дуьйхина бу. Тхевнаш тIехь а,
майданашкахь а дерриг а адам доьлхуш а,
бIаьрхих дуьзна а ду. [4] Хьешбон а, ЭлиIала а
гIаланашкара бахархой боьлхуш бу, церан тийжар
ЯхIац-гIалина тIекхаччалц хезаш ду. Оцу
бахьаненна Муабин тIемалоша маьхьарий детта –
уьш дог доьхна бу. [5] Муабих дог доьлху сан. Цу
махкара уьдуш бу нах ЦIоIар-гIала а, IагIлат-
Шалши олучу метте а кхаччалц. Лухьайт цIе йолчу
метте хьалабовлу уьш белхарца, Хьоронайме
боьдучу новкъахь чIогIа белхар хIоттадо цара.
[6] Нимрайман хиш дIалекъна, аренан беш
якъаелла, буц маргIалйоьлла, соьналла а дIаяьлла.
[7] Шаьш кхоийнарг а, гулдинарг а, схьа а эцна,
Акхтаргийн хих дехьадоккху наха. [8] Берриг а
Муаби-махкахь белхар ду, АгIлайм-гIалина а, Беар-
Элим цIе йолчу меттигна а тIекхаччалц ду тийжар.
[9] Дибон-гIала цIийх хьалаюьзна ю, амма Везачу
Эло кхин а зен дийр ду цу махкана – Муабера
бевддачарна а, махкахь бисинчарна а тIе лом
хоьцур ду.

## Муабин доьхна хьал

16 «Вайн лаьттан олахочунна совгIатна Iахарий
дахьийта СилаI-гIалара яьссачу аренгахула
Цийонан йоIан лам тIе». [2] Бенаш чуьра ара а
кхиссина, кхерсташ лелачу олхазарех тера хир бу
Муабин зударий Арнон-хин гечонаш йолчохь.
[3] «Хьехар лохьа, хIун дан деза алахьа, – боху
муабахоша ЯхIудан халкъе. – Буьйсанан бодано
санна, дийнахь хьайн IиндагIца дIахьулдехьа тхо,
ларбехьа лаьхкина лелош берш, девдда лелаш
долу тхо Iора ма дахахьа. [4] Хьо волчохь Iайтахьа
сан лаьхкина лелош болу муабахой, хIаллакбечух
йолу дIалечкъийла царна хилахьа».
Ницкъбийриг дIавер ву, хIаллакдар а соцур ду,
гIело йийраш лаьтта тIера дIабевр бу. [5] ТIаккха
хедар боцучу безаман бух тIехь паччахьалла
дIахIоттор ду, Даудан тIаьхьенах волчу тешамечу
паччахьо олалла дийр ду. Иза бакъдерг лоьхуш
волу кхелахо хир ву, нийсо лело сихлур а ву.
[6] «Муабин кураллех лаьцна хезна тхуна, цуьнан
деза деттарх а, дозаллах а, чуьравийлархьа хезна.
Амма цуьнан деза деттар эрна ду».
[7] Цундела муабахой боьлхур бу, цара массара а
Муабин къомах белхар дийр ду. Кхир-Хьарсат-
гIалара Iаьвдинчу кемсийн курсаш дага а оьхуш,
аша узарш а дийр ду, шу дог доьхна а хир ду. [8] Цу
хенахь иштта хир ду: Хьешбон-гIалина уллора кхаш
дакъалур ду, ткъа Сибма-гIалин кемсийн бошмаш
мазакъъевр ю. Кхечу къаьмнийн олахоша

*† 14:24-27 ЕшаI-ЯхIу 10:5-34; Нахьум 1:1–3:19; Цапни-ЯхIу 2:13-15. †† 14:28 ТIаьххьарнаш 16:20; 2 Шерашкахь 28:27. ‡ 14:29-31 Ярми-ЯхIу 47:1-7; Яхьазкхиал 25:15-17; Юал 3:4-8; Iамос 1:6-8; Цапни-ЯхIу 2:4-7; Закри-ЯхIу 9:5-7. ‡† 15:1–16:14 ЕшаI-ЯхIу 25:10-12; Ярми-ЯхIу 48:1-47; Яхьазкхиал 25:8-11; Iамос 2:1-3; Цапни-ЯхIу 2:8-11.*

бошмийн тоьлла йолу таьллангаш хьоьшур ю.
ДIаяханчу хенахь и таьллангаш ЯIзир-гIалина
тIекхаччалц яьссачу ара кхочура, кемсийн
таьллангаш, дIаса а яьржаш, хIордал дехьайовлуш
яра. 9 Цундела со а, ЯIзирера бахархой санна,
тийжар ву хIаллакйинчу Сибмерачу кемсийн
бошмех. Шуьца хиллачух сайн бIаьрхиш Iенор ду
ас, Хьешбон-гIалара а, ЭлиIала-гIалара а бахархой,
хIунда аьлча шун кемсаш а, ялта а чудерзош
хуьлуш долчу гIовгIанечу самукъадаларан метта
тIеман маьхьарий детташ ду. 10 Токхечу лаьтта
тIера самукъадалар а, доккхадедар а дIаэцна,
кемсийн бошмашкахь эшарш а ца лоьkху, нехан
баккхийбер а дац. Муттдоккхургашкахь цхьа а
кемсаш хьошуш вац. Везачу Эло ирсе маьхьарий
дIасацийна. 11 Цундела мерзаша роггIана дагадо
пIелгаш санна, багабо сан кийра, Муабих
къахеташ. Кхир-Хьарасах дог а лозу сан. 12 СагIа
доккхучу шайн гуна тIе хьала а бовлуш, муабахоша
шаьш кIадбахь а, шайн деланийн цIенна тIе а
баьхкина, шаьш доIанаш дахь а, гIуллакх хир дац.
13 Иза дара Везачу Эло дукха хенахь дуьйна
хьалха муабахойх аьлла дош. 14 Ткъа хIинца Везачу
Эло иштта боху: «ТIелаьцна болх баран шераш
юкъа а лоцуш, кхо шо даьлча, Муабин сийлалла
дерриг а цуьнан доккхачу халкъаца хIаллакйийр ю.
Бисинарш вуно кIезиг а, ницкъ боцуш а хир бу».

## Сири-махкана а, Эпрайм-махкана а таIзар дар

17 †ХIара бу Дамасакх-гIаланах лаьцна болу
хаам.
«ГIаланаш юкъара дIайоккхур ю Дамасакх. Йоха а
йина, херцораш бен юьтур яц цунах. 2 IаруIер-
гIалина гонах йолу гIаланаш яссалур ю. Акха
лелачу жашна юьсур ю уьш, дIакъахко стаг а
воцуш, уьстагIий цигахь Iохкур ду. 3 Эпрайм-
махкара чIагIйина гIаланаш къайлаевр ю, ткъа
Дамасакх-гIалара пачхаьалла дIадер ду. Араман
къомах бисинчарна хир ду исраилхойн сийлаллина
хилларг, – боху массо а ницкъийн Везачу Эло.
4 Оцу дийнахь иштта хир ду: Якъубан тIаьхьенан
сийлалла дIаер ю. Хьийкъина дегI санна долу и
халкъ азлур ду. 5 Маьрсахочо, арахь лаьтта кIа
куьйгаца гул а дина, кенаш хедор санна хир ду иза.
Репайм тогIи чохь дисина кIен кенаш гулдар санна
хир ду иза. 6 *Зайт-дитташ* тIера стоьмаш охьаэгош
санна, хир ду иза. Ши-кхо стом буьххьехь а, я биъ-
пхиъ дикачу гаьннаш тIехь а буьсур бу», – боху
Исраилан Дела волчу Везачу Эло.
7 Цу дийнахь стеган хьажар ша
Кхоьллинчуьнгахьа хир ду, цуьнан бIаьргаш
Исраилан Везачу Далла тIехьажийна хир бу. 8 Шайн
куьйгашца кечйинчу сагIа доккхучу меттигашка,
гIо а дезаш, хьовсур бац уьш. Иштта уьш тешарца
хьовсур бац шайн пIелгашца динчуьнга – Ашера-
далла лерина долчу дечиган бIогIамашка а, *хаза
хьожа йогIу хIума* яго кхерчашка а.
9 Церан чIагIйина гIаланаш, ясса а елла,
хьаннашкахь а, лаьмнаш тIехь а йолчу харцорех
тера хир ю. Оцу гIаланашна чуьра нах дIабевдда,
исраилхой махкана тIелеттачу хенахь. Цигахь
дерриге а дассийна хир ду.
10 Иштта хир ду шуна шайн кIелхьардовларан
Дела вицваларна, Дела шун дIалечкъийла йолу
*тарх* хилар шуна дага ца дарна. Мелхо а,
самукъадаккхаран бошмаш а кхиийна, хийрачу
таьлланга тIера маргIалш доьгIна аша. 11 Шаьш
маргIалш дIадугIучу хенахь аша гIайгIа бира уьш
кхиийта, Iуьйранна цаьрга заза даккхийтира аша,
амма ялта гулдечу хенахь цунах хIумма а хир яц –
цамгар а, дIа ца доьрзу лазарш а бен.

## МостагIийн эскарш эшор

12 ЛадогIа! Дуккха а халкъийн гIовгIа ю!
Ловзабаьллачу хIордо санна, гIовгIа йо цара.
Къаьмнийн угIар ду! Сиха догIучу доккхачу хин
гIовгIа санна, ду церан угIар. 13 ГIергIаш догIу
доккха хи санна, угIуш ду халкъаш. Дала човхийча,
и къаьмнаш генна дIадовду. Мохо лаьмнаш тIехула
идо екъа буц санна, йилбазмохо идо чан санна,
лаьхкина лела уьш. 14 Суьйре тIееача, кхерам
хIутту, амма Iуьйре тIекхачале мостагIий дIабевлла
бу. Иштта хир ду вайх хIонс оьцучарна, и кхаж бер
бу вайна талор дечарна.

## Хуша-махкана таIзар дарх лаьцна

18 ††Сагалматийн тIемийн гIовгIанах дуьзна
долчу а, *Хуша-махкарчу* хишна дехьа долчу а
лаьттан къа ду. 2 Нил-хина тIехула шайн векалш
бохуьйту цу лаьтта тIера, ткъа уьш эрзах динчу
хинкеманаш тIехь хишна тIехула лела. ТIах-аьлла
векалш, дIадуьйлало! Лекхачу а, шера чкъор долчу
а халкъана тIе гIо! Оцу къомах массанхьа а
кхоьруш бу. Къизачу цу халкъо шен мостагIий
хьоьшу. Цуьнан мохк хиша цистина бу.
3 Шу дерриш а, дуьнен чохь дехаш дерш!
Хьовсалаш, лам тIехь байракх дIатоьхча,
ладогIалаш, лоьхкучу коьман маIан аз хезча.
4 Везачу Эло аьлла соьга: «Меттах а ца волуш, Со
хьоьжу Сайн хIусамера, малх кхеттачу дийнахь
лаьтта йовхо санна, ялта чудерзочу йовхачу хенахь
тхин марха санна. 5 Кемсаш лахьо хан тIекхачале,
церан заза а доьжна, стом кхиа болабелча, Везачу
Эло уьрсаца ца оьшу гаьннаш дIа а хедийна,
дIакхуьссур ду, маргIалш а хедор ду. 6 Лаьмнаш
тIера дерачу олхазаршна а, аренашкара
акхарошна а дуьтур ду дерриг а. Олхазарш
аьхкенан заманахь хир ду цигахь, ткъа аренан
акхароша Iа доккхур ду цу меттехь».
7 Цу хенахь массо а ницкъийн Везачу Элана
лерина сагIа доккхур ду лекхачу а, шера чкъор
долчу а халкъо. Оцу къомах массанхьа а кхоьруш
бу. Къизачу цу халкъо шен мостагIий хьоьшу.

† 17:1-3 Ярми-ЯхIу 49:23-27; Iамос 1:3-5; Закри-ЯхIу 9:1.

†† 18:1-7 Цапни-ЯхIу 2:12.

Цуьнан мохк хиша цистина бу. Цийон-лома тIехь,
массо а ницкъийн Везачу Элан меттехь, дохур ду и
сагIанаш.

### Мисар-махках хиндерг

19 †ХIара бу Мисарх лаьцна болу хаам.
Хьажал, чехкачу мархи тIехь Мисара хохку
Везачу Эло. Цунна хьалха мисархойн цIуш,
кхерабелла, бегабо, мисархойн майралла а, ешна,
дIайолу. 2 «Аса мисархой мисархошна дуьхьал
карзахбохур бу, тIаккха ваша веших а, доттагIа
доттагIчух а, гIала гIаланах а, пачхьалкх
пачхьалкхах а летар ю. 3 Мисархой доьналлех
боьхна хир бу, церан ойланаш а йохор ю Ас. Уьш
шайн цIуйх а, беллачийн синойх а дагабуьйлур бу.
Беллачийн синош тIедоьхуш болчарна а, жинашца
тайначарна а тIегIур бу уьш. 4 Мисархой къизачу
куьйгалхочун кара лур бу Ас. Дера паччахь хир ву
царна тIехь олалла деш», – боху массо а ницкъийн
Везачу Эло.
5 Нил-хи а жимлур ду, арахула догIу хи а, лакъа а
лекъна, дIадер ду. 6 Хин татолех вон хьожа йогIур
ю. Мисар-махкара хин гаьннаш, жим а делла,
лекъар ду. Эрзаш маргIалдулур ду. 7 Нил-хин
бердашна тIехь йолу ораматаш а, цигахь дIа мел
дийна ялта а дакъалур ду. Мохо дIаса а даржийна,
уьш кхин хир дац. 8 Нил-хи чу мIара тосуш болчу
чIерийлецархоша узарш дийр ду, уьш боьлхуш хир
бу. Хи чу бойнаш тосуш берш дог дешна хир бу.
9 Ветанах хIуманаш йийраш дог доьхна хир бу.
КIади дуцурш гIайгIане хир бу. 10 КIадидархой
боьхна хир бу, тIелаьцна белхалой гIаддайна хир
бу.
11 ЦоIан-гIалара баьччанаш хьерабевлла.
ПирIунан хьекъалечу хьехамчаша сонта хьехамаш
бо. Аша муха эр ду пирIуне: «Со хьекъалечу стеган
а, ширачу паччахьийн а кIант ву»? 12 Ва мисархойн
паччахь, хьан хьекъалчаш хIинца мичахь бу те?
Массо а ницкъийн Везачу Эло Мисаран къомана
дан леринарг хIун ду цаьрга дийцийта а, массо а
нахана хьалха довзийта а! 13 ЦоIан-гIалара
баьччанаш хьерабевлла, Нуп-гIалара баьччанаш
Iехабелла, иштта тайпанийн тхьамданаша Мисар
шен новкъах тилийна, уьш сонехь болу чIогIа тIулг
санна хила безнехь а. 14 Везачу Эло оцу
куьйгалхойн синош галдаьхна, ткъа цундела цара
берриг а мохк харц новкъа баьккхина массо а
хIуманна тIехь. Вехна стаг шен Iеттораш тIехула
ма-леллара, лелаш бу мисархой. 15 Мисар-махкахь
цхьаьнгге а хIума далур дац шен къомана – коьрте
а, я цIогане а, лекхачу гаьнне а, я лохачу эрзе а.

### Мисархоша Веза Эла хастор

16 Цу дийнахь мисархой, зударий санна,
кхерабелла хир бу. Массо а ницкъийн Везачу Эло
шайна дуьхьал айинчу куьйгах кхоьруш, бегош хир
бу уьш. 17 ЯхIуд-мохк хьахор къемат хир ду
мисархошна. И мохк шайна цхьаммо
дагабаийтича, мисархой Iадийна хир бу, массо а
ницкъийн Везачу Эло шайна дуьхьал дан леринчух
а кхоьруш.
18 Цу дийнахь Мисар-махкара пхеа гIалахь
канаIанхойн мотт а буьйцур бу, массо а ницкъийн
Везачу Элан долахь хила чIагIо а йийр ю. Цхьана
гIаланах «Маьлхан гIала» †† эр ду.
19 Цу дийнахь Везачу Элана лерина *сагIа доккху
кхерч* хIоттор бу Мисар-махкана юккъехь, ткъа
дозанехь Везачу Элана лерина тIулг хIоттор бу. 20 И
хIуманаш массо а ницкъийн Веза Эла Мисар-
махкахь хиларан билгало а, тоьшалла а хилла
дIахIуттур ю. Мисархоша, шайна мостагIаша ницкъ
беш хиларна, Везачу Эле орца даьккхича, Цо
паргIатбохур бу уьш, царна тIе уьш кIелхьарбохург
а, гIодоккхург а вахийтина. 21 Везачу Эло Ша
вовзуьйтур ву мисархошна, ткъа цу дийнахь
мисархоша Иза шайн Дела хилар къобал а дийр ду,
Цунна, дийнатан а, кIен а сагIанаш а дохуш,
Iибадат а дийр ду. Везачу Элана нигаташ а дина,
уьш кхочуш а дийр ду цара. 22 Везачу Эло
мисархошна таIзар дийр ду. ТаIзар а дина, юха
мисархой тобийр бу Цо. Уьш Везачу Элана
тIебоьрзур бу. Церан доIанаш а хезна, царна дарба
дийр ду Цо.
23 Цу дийнахь Мисарара Ашур-махка боьду боккха
некъ хир бу. Ашурхой Мисара богIур бу, мисархой
Ашур-махка гIур бу. Мисархой ашурхошца цхьаьна
Везачу Элана Iамал еш хир бу. 24 Цу дийнахь
Мисаран а, Ашуран а къоман даржехь Исраилан
къам а хир ду. Уьш декъалдар хир ду дерриге а
дуьненна. 25 Уьш декъал а деш, массо а ницкъийн
Везачу Эло эр ду: «Декъалдина ду Сан халкъ долу
Мисаран къам, Аса кхоьллина долу Ашуран къам,
леррина Сан долахь дерг долу Исраилан къам».

### Пайхамаран верзина леларан билгало

20 Ашур-мехкан паччахьо Саргуна ваийтина
волу тIеман коьрта хьаькам Ашдод-гIалина
тIе а летта, иза схьаяьккхинчу шарахь хIара
хилира. 2 Оцу хенахь Амосан кIантана ЕшаI-ЯхIуна
Везачу Эло тIедиллира билгалонна цхьа хIума дар.
Цо элира: «Ваха а гIой, хьайн гIодаюкъ а ястий,
хьайна тIера сингаттаман барзакъ а схьадаккха,
когара мачаш а охьакхисса». Вукхо иштта дан а
дира: иза верзина а, когаш Iуьйра а лелара.
3 ТIаккха элира Везачу Эло: «Сан ялхо ЕшаI-ЯхIу
кхаа шарахь верзина а, когаш Iуьйра а лийлира,
иза Мисар-махкана а, Хуша-махкана ‡ а
хиндолчунна билгало яра. 4 Ашур-мехкан паччахьо,

† *19:1-25 Ярми-ЯхIу 46:2-26; Яхьазкхиал 29:1–32:32.*

†† *Цхьадолчу ширачу тептарш тIехь: *маьлхан гIала. *Iебархойн меттан тептар тIехь: *хIаллакьхиларан гIала.** ‡ *Хуша-мохк *– Хуша аьлла долу латта Нил-хин лакхахьара охьадогIийла йолчохь Iуьллуш долу латта дара. Цунна чудогIуш дара Мисар-мехкан къилбехь Iуьллуш долу латта а, хIинцалера Судан олучу пачхьалкхана чудогIуш долу латта а, иштта хIинцалерчу Эфиопин къилбаседехьа долу латта а.**

Мисар-мохк а, Хуша-мохк а схьа а бацкхина,
цигара къона а, къена а йийсархой дIабуьгур бу.
Берзина а, когаш Iуьйра а хир бу уьш, ур-атталла
церан вареш ерзина хир ю, Мисарна эхь
хетийтархьама. 5 Хуших дегайовхо хилларш а,
Мисарах дозалла динарш а кхоьруш а хир бу,
юьхьIаьржа а хIуьттур бу. 6 Цу дийнахь хIордан кху
йистехь бехаш болчу бахархоша эр ду: „Вайн шайх
дегайовхо хилла а, Ашур-мехкан паччахьах
кIелхьардовла гIо дехна а болчарна хIун хилла
хьажал! Вай муха девр дара кIелхьар?"»

## Бавел-гIала йожар

21 ХIара бу доккхачу хин йистехь йолчу яьссачу
аренах болу хаам.
Къилберачу аренгахь хьоькху йилбазмехаш
санна, чугIерташ бу яьссачу арара, кхерам тосуш
болчу махкара. 2 Буьрса сурт ду суна гайтинарг:
ямартхо ямартло еш ву, талорхо талор деш ву.
Iейлам, тIамца тIегIо цунна! Мадай, цунна го бе!
Везачу Эло узарш дIасацор ду.
3 Оцу балхо Iадийначу сан дегIан меженаш егош
ю, беро хьийзочу зудчун санна, лазарш ду сан.
Сайна хезаш долчо синтем байина сан, гуш долчо
вохийна со. 4 Сан дог холчохь ду, кхерамна со
вегош ву. Суна езначу маьркIаженах къемат хилла
суна.
5 Той кечдеш, охьаховша кузаш даржош – дууш а,
молуш а бу нах. «ХьалагIовтта, хьаькамаш, турсаш
тIе силам хьакха!»
6 ХIунда аьлча Хьалдолчу Эло иштта аьлла соьга:
«Ваха а гIой, хехо хIоттаве. Шена гуш дерг
схьадийцийта цуьнга. 7 Говрашна а, варрашна а,
эмкалшна а тIехь, шишша цхьаьна улло а хIиттина,
богIу дошлой шена гича, цуьнга леррина
ладогIийта а, чIогIа тидам байта а».
8 Хехочо мохь хьаьккхира: «Сан олахо! БIаьвнехь
лаьтташ ву со де дийне мел дели, иштта хIора буса
а ха деш ву со. 9 †Шишша цхьаьна хIиттина богIуш
дошлой а, схьабогIуш нах а бу». Цул тIаьхьа цо
элира: «Бавел-гIала йоьжна ю, иза эшийна ма ю!
Цуьнан деланийн дерриге а дина суьрташ лаьттахь
дохийна Iохкуш ду».
10 Эринчу ялтех тера долу сан халкъ! Берриге а
ницкъийн Везачу Элера, Исраилан Делера, сайна
хезнарг шуьга дIакхайкхийна ас.

## Эдом-махках болу хаам

11 ХIара бу тийналлин махках †† болу хаам.
СеIир-мехкашкара схьа мохь бетта соьга: «Хехо!
Буьйсанан мел хан йисина? Хехо! Буьйсанан мел
хан йисина?»
12 Хехочо жоп ло: «Iуьйре ю тIейогIуш, амма
иштта буьйса а ю. Нагахь шайна лаахь, кхин цкъа
схьа а дуьйлий, соьга хатта».

## Iаьрби-махках болу хаам

13 ХIара бу Iаьрби-махках болу хаам.
Дадданхойн къепалш, Iаьрби-махкарчу
боьлакашкахь буьйса яккха дезар ду аша. 14 Тейма-
махкара бахархой! Хьогах болчарна дуьхьал хи
хьо, шайн махкара бевдда богIучу нахана баьпкаца
дуьхьалдовла, 15 хIунда аьлча уьш даьхначу таррех
а, озийначу Iедех а, тIеман къизаллех а бевдда
боьлху.
16 Хьалдолчу Эло элира соьга: «ТIелаьцна болх
баран шераш юкъа а лоцуш, цхьа шо далале,
Къедаран тайпанан сийлалла ерриг а чекхъяьлла
хир ю. 17 Къедархойн майра тIемалой болчу
Iадкхуссурхойх кIеззиг берш бен дийна буьсур
бац», – боху Исраилан Дела волчу Везачу Эло.

## Ярушалаймах болу хаам

22 ХIара бу хIоттийначу суьртан тогIих болу
хаам.
Шун бахархошна хIун хилла, уьш берриш а
тхевнаш тIе хьала хIунда бевлла, 2 гIовгIане,
синтем боцу, йоккхаеш йолу гIала? Хьан
хIаллакьхилларш туьро а ца байина, тIамехь а ца
белла. 3 Берриге а хьан тхьамданаш цхьаьна
бевдира, амма уьш, Iад а ца кхуссуш, лийцира. Уьш
берриш а йийсаре кхаьчна, мел гена бевдда
хиллехь а. 4 Цундела боху ас: «Вита со, со доггах
воьлхур ву. Ма гIерта сан догъэца, сан хьоме халкъ
дакъазадаккхар бахьана долуш». 5 ХIоттийначу
суьртан тогIи чохь массо а ницкъийн Хьалдолчу
Эло цхьа де билгалдаьккхира. Оцу дийнахь нах
карзахбаьхна хир бу, вовшийн хьоьшуш хир бу,
уьш дарбелла хир бу. Наха гIалин пенаш кегдийр
ду, цара хьоькху маьхьарий лаьмнашкахь хезаш
хир ду.
6 Шайн гIудалкхашца а, дошлошца а Iейлам-
махкара тIемалой тIебогIу, тIом бан Iад-беттанаш а
яхьаш. Кхир-махкарчу тIемалоша турсаш кечдина.
7 Хьан тоьлла йолу тогIеш гIудалкхех юьзна а ю,
кевнна дуьхьал лаьтташ дошлой а бу. 8 ТIаккха
Везачу Эло ЯхIудан къомера лардар дIадаьккхира.
Оцу дийнахь шу хьоьжуш дара Ливанун-мехкан
хьун цIе йолчу паччахьан цIа чохь Iалашдеш долчу
герзашка. 9 Шуна гира Даудан гIалин пенашна
даьхна Iуьргаш. Лахарчу Iома чохь хи гулдеш дара
шу. 10 Ярушалаймерчу цIеношка а хьаьжна, шаьш
къастийна цIенош дохийра аша, гIалин пенаш
чIагIдархьама. 11 Ширачу Iома чуьра хи, схьа а
эцна, Iалашдархьама, шина пена юккъехь меттиг
кечйира аша. Амма и дерриге а Хилийтинчуьнга
шу ца хьоьжура, дуккха а хьалха и гIуллакхаш
кхочушдан Къастийначун тидам ца бора аша.
12 Массо а ницкъийн Везачу Эло цу дийнахь делха
а, латкъам бе а, месаш дIахедае а, шайна тIе
сингаттаман барзакъ духа а бохура шуьга. 13 ‡Амма

† 21:9 Довзийтинарг 14:8; 18:2. †† Тийналлин мохк *– иза «Эдом-махках» хиндерг дIайоьллу цIе ю.*

‡ 22:13 1 Коринтхошка 15:32.

шу самукъадаьлла а, даккхийдеш а дара! Шу,
стерчий а, уьстагIий а дойуш, жижиг дууш а, чагIар
молуш а дара. «Юушший, молушший Iей вай, кхана
вай лийр долу дела» – бохура аша.
14 Массо а ницкъийн Везачу Эло аьлларг сайн
лергашца хезира суна. «ХIокху къинна гечдийр дац
шуна, шаьш делла дIадовллалц», – чIагIо йира
массо а ницкъийн Хьалдолчу Эло.

### Шибне дIахьедар дар

15 Иштта боху массо а ницкъийн Хьалдолчу Эло:
«Ваха а гIой, паччахьан цIийнан хьаькаме Шибне
дIаала: 16 „Хьан кхузахь хIун ду я мила ву, кхузахь
ахь хьайна къубба яьккхина хила? Хьажал, цо шена
лекхачу меттехь къубба яьккхина, тархах шена
садаIаран цIа аьгна! 17 ЛадогIа, хьайх майраниг
аьлла цIе йоккхург, Везачу Эло хьо дIакхуссур ма
ву! Хьо чIогIа схьалоцур ву Цо. 18 Хьарчийна, хьох
ларча а йина, Цо доккхачу лаьтта тIе кхуссур ву хьо.
Цигахь хьо лийр ву, хьан исбаьхьа гIудалкхаш а
хир ю. Хьан олахочун цIенна хьо эхье хIума ма ю!
19 Аса, хьайн меттера дIа а ваьккхина, даржах вохор
ву хьо“.
20 Оцу дийнахь Хьалкхи-ЯхIун кIант, Сайн лай волу
Элъякъим тIекхойкхур ву Ас. 21 Хьан духар цунна тIе
а дуьйхина, хьан доьхка цунна юкъах а дихкина,
хьан дарж цунна дIалур ду Ас. Ярушалайман
бахархошна а, ЯхIудан тIаьхьенна а да хир ву иза
тIаккха. 22 †Даудан тIаьхьенах волчу паччахьан
цIийнан догIа цуьнан кара лур ду Ас. Цо неI
дIаястахь, цхьаьнгге а иза дIакъовлалур яц. Цо неI
дIакъовлахь, цхьаьнгге а иза дIаясталур яц.
23 Ондачу метте тоьхна хьостам санна, чIагIвийр ву
Ас иза. Шен ден цIийнан сий ойур ду цо. 24 Цунна
тIехь кхозуш хир ду цуьнан ден цIийнан дозалла,
цуьнан бераш а, церан бераш а цу чу а догIуш.
Цуьнан хьостамна тIехь массо а пхьегIа кхозуш хир
ю – боганашна тIера кхабанашна тIекхаччалц.
25 Цу хенахь, – боху массо а ницкъийн Везачу Эло,
– ондачу меттехь болу хьостам, меттах а баьлла,
охьабужур бу. Цу тIехь кхозуш дерг, доьхна, дIадер
ду». Иштта боху Везачу Эло.

### Цора-гIаланах болу хаам

23 ††ХIара бу Цора-гIаланах болу хаам.
Белха, Таршаш-махкара богIу кемалелорхой,
Цора-гIала йохийна йолу дела. Цуьнан цIенош а,
хIордкеманаш тIедогIийла а кхин дац. Иштта хаам
кхаьчна цаьрга Хитам-махкара. 2 ГIайгIане хила,
хIордан йистера бахархой! ХIорда тIехула лелаш
болчу ЦIадан-гIалара совдегарша шу хьаладузура.
3 Шихьор-хин уллора кIа а, Нил-хин уллора ялта а
дукхачу хишна тIехула цу гIали чу дахьара, са
яккхархьама. Цу гIаланах къаьмнашна
йохкаэцаран базар хилира.
4 Эхь хета, ЦIадан-гIала, хIунда аьлча хIордо –
хIордан чIагIоно – боху: «Бер деш лазарш а ца
хилла сан, я бер а ца дина ас, кIентий а, йоIарий а
ца кхиийна ас».
5 Мисархошка хабар дIакхаьчча, Цора-гIаланах
дерг а хезна, холчу хIуьттур бу уьш.
6 Таршаш-махка дIакхалха! ХIордан йистехь
бехаш берш, белха! 7 Ширачу заманахь дуьйна
лаьтташ йолу, хIетахь йоккхаеш йолу шун гIала
хIара юй? Генарчу мехкашкахь Iархьама, цу гIалара
нах хьалха лелаш хилла. 8 Шен совдегарш элий
хиллачу, таьжнаш дIасадоькъуш хиллачу, мах
лелош берш дуьненахь а бевзаш хиллачу Цора-
гIалина хьанна дагадеана иза? 9 Массо а ницкъийн
Везачу Элана дагадеана, сийлаллин деза деттар
дохорхьама а, дуьнен чохь цIеяхана берш кIезиг
хетийтархьама а.
10 Нил-хи санна, паргIат лела шайн лаьттахула,
Таршаш-мехкан бахархой, кхин новкъарло яц
шуна. 11 Шен куьг хIорда тIехула а лаьцна,
пачхьалкхаш егийна Цо. КанаIан-мехкан гIепаш
йохае аьлла, омра дина Везачу Эло. 12 Цо аьлла:
«Хьо кхин йоккхайийр яц, сийсазъяьккхина йоIстаг
санна йолу ЦIадан-гIала! Хьала а гIовттий, Хитам-
махка гIо, гIалин бахархой! Амма цигахь а синтем
хир бац шуна».
13 Дагадаийта хашадхойн махках хилларг.
Хашадхойн къам кхин дац. Церан махках
ашурхоша яьссачу аренан дийнаташ Iаш йолу
меттиг йинера. Ашурхоша, цигахь тIеман бIаьвнаш
дIа а хIиттийна, мехкан гIепаш йоха а йина, царах
харцораш йинера.
14 Белха, Таршаш-мехкан кемалелорхой! Шун гIап
йохийна.
15 Хан тIекхочур ю, Цора-гIала кхузткъе итт шарна
– цхьана паччахьан оьмаран ханна – йицлур йолу.
Ткъа кхузткъе итт шо чекхдаьлча, Цора-гIалина
эшарехь дуьйцучу кхахьпанна хилларг хир ду:
16 «Хьайн мерз-пондар схьа а эций,
гIалахула долало, дицделла кхахьпа!
Эшарш дика лакха,
хьо дагаяийта».
17 Кхузткъе итт шо даьлча, Везачу Эло Цора-гIала,
таIзар динчул тIаьхьа паргIатйоккхур ю. И гIала,
юха а мах а беш, пайда оьцуш хир ю, дерриге а
дуьнен чохь массо а пачхьалкхашца хир ю цуьнан
хьарам уьйраш. 18 Везачу Элана дIакъастийна хир
бу цо лелош болу мах а, беш болу пайда а. ДIа а
къевлина, Iалашдеш хир дац гулдинарг, хIунда
аьлча Везачу Элана уллохь Iаш болчу нахана
кхочур ду иза, цаьрга дуззалц хIума яийтархьама а,
дика бедар тIейохийтархьама а.

### Дерриге а Лаьттана таIзар дар

24 Веза Эла дерриге а латта, дакъаза а
даьккхина, дассо воллуш ву. Лаьттан юьхь
хьийза а хьийзина, цу тIера бахархой дIасабаржор
бу Цо. 2 Халкъана хиндерг динан дена а хир ду,

† *22:22 Довзийтинарг 3:7.* †† *23:1-18 Яхьазкхиал 26:1–28:19; Юал 3:4-8; Iамос 1:9, 10; Закри-ЯхIу 9:1-4; Маттай 11:21, 22; Лака 10:13, 14.*

ялхочунна хиндерг цуьнан хIусамдена а хир ду,
зуда-ялхочунна хиндерг цуьнан хIусамнанна а хир
ду, оьцучунна хиндерг юхкучунна а хир ду,
духалург доьхучунна хиндерг духалург лочунна а
хир ду, ял лочунна хиндерг ял йоккхучунна а хир
ду. 3 Латта дассийна а, чIана даьккхина а хир ду,
хIунда аьлча Везачу Эло хIара дош аьлла.
4 Латта латкъам беш а, лекъаш а ду. Дерриге а
дуьне гIеллуш а, маргIалдулуш а ду. Лаьттан
халкъан лекханаш а гIеллуш бу. 5 Латта шен
бахархоша бехдина лаьтта, хIунда аьлча товрат-
хьехамаш цара лар ца бора, Делан парзийн тидам
ца бора, ткъа гуттаренна а бина барт цара
бохабора. 6 Цу бахьанина латта неIалто дIакхоллу,
ткъа цунна тIехь Iаш болчара шайн къиношна
доггIург дIакхоьхьу. Цу бахьанина лаьтта тIера
бахархой морцуш бу, цхьа кIезиг бен ца буьтуш.
7 Къона чагIар латкъам беш ду, ткъа кемсийн
таьллангаш маргIалъюлуш ю. Хьалха самукъане
хилларш хIинца гIайгIане бу. 8 Вотанашца
самукъадаккхар а дIадаьлла, самукъадолучийн
гIовгIа а сецна, пондарийн аьзнаш а дIатийна.
9 Эшарш а лоькхуш, наха кхин чагIар ца молу.
Молучийн ниха а къаьхьа ду. 10 Яссаелла гIала
йохийна ю, цIенош саьлнаша дIакъевлина ду,
чуваха аьтто боцуш. 11 ЧагIар ца хиларна,
маьхьарий детташ бу урамашкахь нах, муьлхха а
хазахетар кхоьлина ду, муьлхха а самукъадалар
лаьтта тIера дIаэккхийна. 12 ГIала яссаелла ю,
гIалин ков а доьхна Iуьллуш ду. 13 Массанхьа а
дуьненахь, дерриге а къаьмнашна юкъахь иштта
хир ду. ТIаьххьара стоьмаш *зайт-диттан* тIера
эгорхьама, дитташ тIе гIожмаш тохар санна хир ду.
Кемсаш схьалахьийча, цхьайолу кемсаш бен ца
йисча санна хир ду.
14 Синкъерамца шайн аз ойур ду бисначара,
малхбузера Везачу Элан возаллех мохь тухур бу
цара. 15 Хаставе Веза Эла малхбалехь, хIордан
йистехь долчу латтанаш тIехь хастае Везачу Элан,
Исраилан Делан, цIе. 16 Дуьненан йистера эшарш
хеза вайна: «Хастам бу нийсо лелош Волчунна!»
Амма аса элира: «Дог доьхна ву со! Эшийна
лаьтта со! Къа ду сан! Ямартхой кхидIа Iехабеш бу.
Шайн мекарлонца уьш ямартло еш бу». 17 Iадор а,
ор а, гур а бу хьуна, лаьтта тIера вахархо! 18 Iадоран
маьхьарх веддарг ор чу эккхар ву, ткъа ор чуьра
хьалаваьлларг гуро лоцур ву. Стигалара, неIарш
дIа а йиллина, Iовраш чухоьцур ю, лаьттан бух
бегалур бу. 19 Латта декъалуш ду, латта аталуш ду,
иза чIогIа дегош ду. 20 Вехна стаг санна, лесташ ду
латта, ага санна, техкаш ду иза. Цуьнан аьрхалла,
беза мохь санна, ю цунна тIехь тоттуш. Цкъа
охьадоьжна долу иза кхин гIоттур дац.
21 Цу дийнахь Везачу Эло жоьпе озор бу лаккхахь
болу Шена дуьхьалбевлла стигалара ницкъаш а,
лахахь болу лаьттара паччахьаш а. 22 Цхьаьна а
тоьхна, тутмаккхаш санна, ор чу боьхкина а,
набахти чу боьхкина а хир бу уьш. Дуккха а денош
дIадевлча, таIзар дийр ду царна. 23 Бутт а цIийлур
бу, малхана а эхь хетар ду, хIунда аьлча Везачу Эло
Ярушалайм-гIалахь болчу Цийон-лома тIера
паччахьалла дийр ду. Цуьнан сийлаллин нур
баккхийчарна хьалха лепаш хир ду.

### Веза Эла хастор

25 Веза Эла! Хьо сан Дела ву.
Аса вазвийр ву Хьо, Хьан цIе хастайийр ю,
Ахьа тамашийна гIуллакхаш дина дела.
Тоххара дуьйна Ахьа бина сацамаш,
Ахьа ма-аллара, иштта кхочушбира.
2 Ахьа гIаланах тIулгийн оьла йина,
чIагIйинчу гIаланах саьлнаш йина,
хийрачу къоман гIопах гIала йоцург йина.
И гIала цкъа а юхаметтахIоттийна хир яц.
3 Цундела нуьцкъалчу халкъо Хьо лорур ву,
буьрсачу къаьмнийн гIала Хьох кхоьрур ю.
4 Мискачунна Хьо волчохь дIалечкъийла хилла,
холчохь волчу гIийлачунна Хьо кIелхьарвала
меттиг хилла.
Мох хьоькхучу хенахь Хьо бун санна хилла,
йовхо еанчу хенахь Хьо IиндагI санна хилла,
хIунда аьлча буьрсачу нехан садеIар
пенна дуьхьал хьоькхучу махах тера ду,
хи доцучу меттехь йолчу йовхонах тера ду.
5 Хийрачу нехан чуьрабийлар сацийна Ахьа.
Мархин IиндагIо йовхо дIаяккхар санна,
буьрсачу нехан баккхийбер дIадаьккхина Ахьа.

### Дала той кечдар

6 Массо а ницкъийн Везачу Эло Цийон-лам тIехь
массо а халкъан той хIоттор ду. Цу тойнехь жижиг
а, чагIар а хир ду. Жижиг токхе хир ду, ткъа чагIар
шира а, цIена а хир ду. 7 Дерриге а халкъашна
тIетесна йолу шаршу а, массо а къаьмнаш
дIахьулдина долу кирхьа а дохийна дIадоккхур ду
Цо цу лам тIехь. 8 †Iожалла гуттаренна а дIакхоллур
ю Цо. Хьалдолчу Эло массеран а яххьаш тIера
бIаьрхиш дIадохур ду. Дерриге а дуьнен тIехь Шен
халкъ емалдар дIадоккхур ду Цо. Иштта боху
Везачу Эло.
9 Цу дийнахь эр ду: «ХIара ву вайн Дела! Цунах
яра вайн дегайовхо, Цо вай кIелхьардехи! Иза Веза
Эла ву. Цунах яра вайн дегайовхо, хазахетарца
даккхийдер вай Цо кIелхьардахарна!»

### Муабина таIзар дар

10 ††Везачу Элан куьг Цийон-лома тIехь ду, амма
Муабин къам ша Iаш долчу меттехь хьоьшур ду,
кхеллин ор чохь ча хьашар санна. 11 Нека дечо
санна, цо куьйгаш тийсахь а, Дала цуьнан дозалла
дар лахдийр ду цуьнан куьйгийн мекараллица

† *25:8 а: 1 Коринтхошка 15:54; б: Довзийтинарг 7:17; 21:4.*
†† *25:10-12 ЕшаI-ЯхIу 15:1–16:14; Ярми-ЯхIу 48:1-47; Яхьазкхиал 25:8-11; Iамос 2:1-3; Цапни-ЯхIу 2:8-11.*

цхьаьна. 12 Цуьнан лекхачу пенийн чIагIо ларта а йожийна, чена юккъе охьайожор ю Везачу Эло.

## Везачу Элана хастам бар

26 Цу дийнахь ЯхIуд-махкахь йиш локхур ю:
«Тхан гIала чIогIа ю.
Гонах долу пенаш санна а,
арахула йолу чIагIонаш санна а,
Везачу Эло тхуна *кIелхьардовлар* ло.
2 ДIаделла кевнаш,
Везачу Элан лаамехь долу,
Далла тешаме долу халкъ чудаийта.
3 Шен дагахь дерг чIагIдийриг
Ахь буьззинчу синтемехь ларвийр ву,
хIунда аьлча иза Хьох тешна Iаш ву.
4 Массо а хенахь Везачу Элах тешна Iаш хила,
веккъа Веза Эла гуттаренна а йолу *тарх* санна волу дела.
5 Лакххахь Iаш берш Цо лахбира,
лакххахь йолу гIала Цо лахйира.
Лаьтта тIекхаччалц иза йохийра,
ченала Цо и гIала йожийтира.
6 ГIело хьегначийн гIулчаша а,
мискачу нехан когаша а
хьоьшуш ю и гIала.
7 Хьан лаамехь волчун некъ нийса бу,
Веза Эла, Ахьа нисдо цуьнан некъан тача.
8 Ахь тIедехкинаршца а лелаш,
Веза Эла, Хьоьга хьоьжу тхо.
Хьан цIе дагахь латто а,
Хьо хьехо а бен тхан лаам бац.
9 Сан са буьйсанна Хьо волчу гIерта,
ткъа Iуьйранна даго сан кийрахь Хьо лоьху.
Хьан кхел лаьтта тIехь кхочушхилча,
дуьнен тIехь бехачарна нийсо Iема.
10 Iесачу стагах къинхетам бича,
цунна нийсо Iемар яц.
Везачу Элан возалле ца хьожуш,
Делан лаамехь болчеран лаьтта тIехь
зуламаш лелор ду цо.
11 [†]Хьан куьг лаккха хьалаайина ду,
Iесачу нахана таIзар дархьама,
Веза Эла, амма царна иза ца го.
Хьайн халкъе болу кIорга безам
гайтахьа, цунна эхь хетийтархьама.
Хьайн мостагIашна леринчу цIеро
берриш а дIакхоллийла Iесанаш!
12 Веза Эла! Ахьа синтем дIахIоттабо тхуна.
Оха мел динарг Ахь тхуна кхочуш ма дина.
13 Тхан Веза Дела! Хьо воцург,
кхин олахой а хилла тхуна тIехь куьйгалла деш,
амма Хьан цIерана бен оха хастам ца бо.
14 И белла олахой денлур бац,
церан синош гIовттур дац.
Царна таIзар а дина, Ахь уьш хIаллакбина.
Царах йолу эсс Ахь ерриг а йохийна.
15 Ахьа халкъ дебийна, Веза Эла.
Халкъ а дебийна, Хьайн сий айина Ахьа,
лаьттан дозанаш шордина.
16 Веза Эла! Халачу муьрехь Хьан халкъо Хьо лоьхура,
Хьан таIзар ша ловш тийна доIанаш дора цо.
17 Берах йолчу зудчо, бер хуьлу хан
тIе а кхаьчна, лазарша ша хьийзош,
мохь хьоьккхуш санна,
дара тхо Хьуна хьалха, Веза Эла.
18 Берах долуш санна, бала а хьоьгуш,
оха дуьнен тIе доккхург,
мох санна, даьсса хIума ду.
Лаьттана кIелхьардалар а ца делла оха,
дуьненан бахархой а ца эгийтина оха [††].
19 ХIетте а, Хьан белларш денлур бу,
Хьан халкъан декъий гIовттур ду!
Ченахь мел Iохкуш берш,
гIовттий, хазахетарца мохь хьекха!
Iуьйренан Хьан тхи – иза денлуш долу тхи ду,
Ахь иза лаьттахь болчу беллачарна тIе дожадо [‡]».

## Халкъ юхаметтахIоттор

20 ДIагIо, сан халкъ, хьайн хIусамаш чу а гIой,
неIарш дIакъовла. Цхьана ханна къайладала,
Делан оьгIазалла дIаяллалц. 21 ХIунда аьлча Веза
Эла ву Шен хIусамера араволуш лаьтта тIехь
бехачарна таIзар дан, церан къинош бахьаненна.
Лаьтто схьадоьллур ду шена тIехь Iанийна долу
цIий, кхин къайлабохур бац байина нах.
27 [‡†]Цу дийнахь Везачу Эло Шен чIогIачу а,
доккхачу а, нуьцкъалчу а туьраца таIзар дийр
ду Левиятан цIе йолчу а, текхаш а, хьийзаш а болчу
лаьхьанна. ХIордан и саьрмик буьйр бу Цо.
2 Цу дийнахь токхечу кемсийн бешах илли ала:
3 «Со, Веза Эла, цуьнан хехо ву, Аса шен хеннахь хи
туху цунна. Дийнахь а, буса а иза ларйо Аса,
цхьаьнгге а цунна зе ца дайта. 4 Оцу бешана йолу
дералла Соьгахь кхин яц. Амма цхьаболчара, Суна
дуьхьало еш, цу бешахь баьIаш долу коьллаш
йогIахь, Аса, тIамца царна дуьхьал а ваьлла, цIе
тосур яра царах массарах. 5 Амма цхьаъ, Соьгара
гIо а эшна, Соьца барт бан вагIахь, бе Соьца барт».
6 ТIедогIучу деношкахь Якъубан тIаьхьено,
орамато санна, орамаш арахоьцур ду, Исраилан
къомо заза доккхур а ду, дерриге а латта стоьмех
хьаладузур а ду.
7 Шен халкъана ницкъ бечарна Ша таIзар ма-
дарра, таIзар дорий те Везачу Эло Исраилна? Иза
хIаллакдеш хилларш хIаллакбина ма-хиллара,
халкъ хIаллакдорий те Цо? 8 Веза Эла, леррина а
оьзна, Ахьа таIзар дира цунна, цуьнца долу
гIуллакх къаста а дина, Ахь иза йийсаре
дIадигийтина. Малхбалера мох хьоккхучу дийнахь
санна, Ахь иза, Хьайн чIогIа хIо а хьаькхна,

† *26:11 Iебархошка 10:27.*

†† *Я иштта: *дуьнен тIе керла нах а ца баьхна.** ‡ *Ахь иза лаьттахь болчу беллачарна тIе дожадо *– Iебархойн тептар иштта а кхета мега: *ткъа Ахь лаьтте белларш денбойту.** ‡† *27:1 Аюб 40:20; Забур 73:14; 103:26.*

дIаэккхийна. 9 Якъубан тIаьхьенан къа иштта
дIадоккхур ду, цуьнан харцонаш дIаяхархьама
иштта мах дIабала безаш бу: сагIа доккху
меттигашкахь лелош долчу тIулгех халкъо
жагIанаш бийр бу, Ашера-харцдалла лерина долу
дечиган бIогIамаш дIахедийна Iохкур ду, ткъа
цIушна *хаза хьожа йогIу хIума* яго кхерчаш,
дохийна, дIадохур ду.
10 ЧIагIйина гIала яссалур ю, цуьнан хIусамаш
дIатесна хир ю, яьссачу арахь санна, адамаш а
доцуш. Эса дежар ду цу меттехь, циггахь садоIуш а,
гаьннаш тIера гIаш дууш а хир ду иза. 11 Ткъа и
гаьннаш дакъаделча, уьш кегдийр ду. Зударша,
схьа а баьхкина, дагор ду уьш. И халкъ цхьана а
хIуманах ца кхетарна, иза Диначо къинхетам бийр
бац цунах, иза Кхоьллинчунна цунах къахетар дац.
12 Цу дийнахь Везачу Эло шу, Эпрат-хи тIера
Мисар-мехкан дозанехь долчу хи тIе кхаччалц, кIа
санна, ирхдугIур ду, ткъа шу, исраилхой, тIаьхь-
тIаьхьа гулдина хир ду.
13 Цу дийнахь иштта хир ду: сийлахь коьман маIа
лекхча, Ашур-махкахь тилабелла лелларш а,
Мисар-махка лаьхкина бигнарш а схьабогIур бу.
Ярушалаймерчу безачу лам тIехь Везачу Элана
хьалха суждана гIур бу уьш.

## Къилбаседерачу пачхьалкхана дIахьедар дар

28 Къа ду бехначу эпраймхоша дозалла дечу
кочаран †. Цуьнан исбаьхьа хазалла кочаран
маргIалдулуш долчу зезагех тера ю. И кочар
токхечу тогIин коьрта тIехь ду, амма тогIин
бахархой чагIаро бахийна Iохкуш бу! 2 Хьалдолчу
Элан чIогIа а, онда а цхьа стаг ву. Къора яхьаш
догIу догIа санна а, хIаллакдеш болу мох санна а,
чIогIа хитIедалар санна а тIелетар ву иза. Шен
ондачу куьйгаца цо и кочар лаьтта охьакхуссур ду.
3 Когашца хьоьшуш хир ду бехначу эпраймхойн
куралл ин кочар. 4 Токхечу тогIин коьрта тIехь долу
а, маргIалдулу зезаг долу а и исбаьхьа хазалла
заманал хьалха кхиинчу инжирах тера ю – хьалха
гинчо, схьа а йоккхий, йоу иза.
5 Цу дийнахь массо а ницкъийн Веза Эла
исбаьхьа кочар а, хаза *таж* а хилла дIахIуттур ву
Шен халкъах биснparam. 6 Цо кхелахошна
нийсонца кхел яран лаам лур бу, ткъа гIалин
кевнера мостагIий дIалохкучарна доьналла лур ду.

## ЕшаI-ЯхIу а, яхIудхойн бехна пайхамарш а

7 ЧагIаро галбохурш а, нихано тохкуьйтурш а ур-
атталла динан дай а, пайхамарш а бу – уьш чагIаро
галбоху. ЧагIаро уьш карзахбоху, ткъа нихано уьш
тохкуьйту. Шайна суьрташ хIиттича, уьш
галбуьйлуш бу, шаьш гIуллакх къастадича, уьш
тийсалуш бу. 8 Массо а стоьла тIехь Iеттораш ю,
цхьанхьа а цIена меттиг яц.

9 Цара боху: «Мила Iамо гIерташ ву иза? Хьанна
хьекъал луш ву иза шен хьехамца? Дакхочуьра
дIадаьхначу кегийчу берашний? 10 ХIунда аьлча
„весета тIе весет ду, весета тIе весет ду, бакъонна
тIе бакъо ю, бакъонна тIе бакъо ю, кхузахь а
жимма, цигахь а жимма“».
11 ††Делахь а, бур-бур деш долчийн балдашкахула
а, хийра мотт буьйцучаьргахула а Дала цу халкъе
къамел дийр ду. 12 Цаьрга бехира Цо: «ХIара садаIа
меттиг ю, синтеме меттиг ю хIара кIадбеллачарна
садаIа!» Амма царна ладогIа ца лиира. 13 ТIаккха
царна Везачу Элан дешнаш хIорш хир ду: «Весета
тIе весет ду, весета тIе весет ду, бакъонна тIе бакъо
ю, бакъонна тIе бакъо ю, кхузахь а жимма, цигахь
а жимма». Уьш, дIа а бахана, аркъал а кхетта,
хIаллакьхир бу, гура чу а нисбелла, дIалоцур бу.

## Цийонан соне биллина тIулг

14 Везачу Элан даше ладогIа, кхаьрдаш болу
куьйгалхой, Ярушалаймера оцу халкъана тIехь
олалла деш болу. 15 Аша боху: «Iожаллица берта
дахана тхо, эхартаца а барт бина оха. Детташ долу
серий, хитIедалар санна, чугIиртича, иза тхуна тIе
кхочур дац, хIунда аьлча оха харцонах тхайн
дIалечкъийла йина, ткъа мекарлонах тхо
къайладахаран меттиг йина». 16 ‡Цундела боху
Хьалдолчу Эло: «Хьажал, Ас Цийон-лам тIе тIулг
охьабуьллу. Иза зийна а, беза а тIулг бу, ткъа иза
соне буьхана дIахIоттийна бу. Цунах тешна Iаш
верг ведда дIаваха везаш вац. 17 Бакъдолчух
юстаран тIийраг а, нийсонах гIишло юстаран гирс а
бийр бу Аса».
Харцо дIалечкъийна меттиг къора тоьхна йохор ю,
ткъа шу къайладахаран меттиг хиша дIайохур ю.
18 Аша Iожаллица а, эхартаца а бина барт бухур бу.
Детташ долу серий, хитIедалар санна, чугIиртича,
цо шу охьатухур ду. 19 Юх-юха цо, шу охьа а тухуш,
схьалоьцур ду. ХIора Iуьйранна иза шуна тIелетар
ву. Дийнахь а, буьйсанна а иза тIелетар ву. Везачу
Элан хаамах шаьш кхетташехь, шу Iадийна лаьттар
ду. 20 ДIавуьжу мотт боца хир бу – ког дIахеца, юргIа
готта хир ду – цу юкъа хьарча. 21 ‡†Веза Эла гIоттур
ву, Паруцим-лам тIехь санна, Иза оьгIазгIур ву,
ГавIонан тогIи чохь санна, Цо Шен шатайпа
гIуллакх дийр ду, вай кхеташ боцуш болу Шен болх
бийр бу Цо.
22 Шаьш кхин а чIогIа холчу ца хIиттийта,
кхаьрдачуьра совца дезаш ду шу. Суна хезна массо
а ницкъийн Везачу Элера, хIаллакдар дерриге а
лаьттана хир ду аьлла.

## Делан хьекъалалла

23 Дика ладогIалаш ас бохучуьнга, тидам белаш
сан къамеле. 24 Гуттар а хуьлий латталелорхо охуш,
хIу тасархьама? Гуттар а хуьлий иза мекха такхош

† *Эпраймхойн кочар *– иза Шамран-гIала ю, Исраилан къилбаседерачу пачхьалкхан паччахье йолу.**

†† *28:11, 12 1 Коринтхошка 14:21.* ‡ *28:16 Забур 117:22, 23; Римхошка 9:33; 10:11; 1 Кипин 2:6.* ‡† *28:21 а: Дауд 5:20; 1 Шерашкахь 14:11; б: ЮшаI 10:10-12.*

шен лаьтта тIехь? 25 ХIан-хIа. Латта шардинчул
тIаьхьа, цо оччаман а, цицийн а хIуш тосу.
МогIарашкахь цо кIа дIадоь, билгалъяьккхинчу
меттехь мукх дIабоь, ткъа дозанашкахь Iов дIайоь.
26 И къепе Дала Iамайо цунна. Цо хьехам бо цу
стагана. 27 Ша оччам оруш цунна тIе беза гIирс ма
ца туху, ткъа цицашкахула цергаш йолу керчол ма
ца хохку латталелорхочо. Оччам, гIаж а етташ,
чкъоьргех дIакъестайо, ткъа цицашна тIе хьокха
бен ца туху. 28 Шех бепиг до ялта хьоьшуш ду, амма
иза кхоччуш ара ца деза. Ялта ору чкъургаш
лелайо цунна тIехула, амма говрашца иза хьоьшуш
дац. 29 Берриге а ницкъийн Везачу Элера схьа ду
иза: тамашийна бу Цуьнан хьехам, сийлахь ду
Цуьнан хьекъалалла!

### Ярушалайман кхоллам

29 Везачу Эло боху: «Къа ду Ариалан, шена чохь
Дауда *меттамотт* хIоттийначу гIалин! Цхьа шо
вукху шаре далийта, цхьана шера чуьра деза
денош даздайта. 2 Амма Аса гIайгIа йойтур ю
Ариале, белхар а, латкъам а хир бу цигахь. Иза
Суна сагIа доккхучу кхерчан юкъ † санна хир ю.
3 Хьуна гонах меттаметтанаш дIахIиттор ду Аса,
тIеман бIаьвнашца хьуна го а лаьцна, схьалацаран
гIирсаш хьуна дуьхьал ирахIиттор бу. 4 Хьо
сийсазйина хир ю, лаьттара схьа къамел дийр ду
ахьа. Хьан къамел лаьттан чена бухара схьа хезаш
хир ду, гIалартан санна, хир ду хьан аз, чена
кIелхьара шабар-шибар хир ду ахьа бохуш дерг.
5 Кегийра чан санна, дукха хир бу хьан мостагIий,
къизачийн бIош дIасакхийсина кегаш санна хир бу.
ЦIеххьана а, бIаьрган негIар тухучу юкъана а
6 массо а ницкъийн Везачу Эло стигалан
къовкъарца а, лаьттан дегорца а, чIогIачу озаца а,
дарцаца а, буьрсачу мохаца а, дерриге а
дIакхоллучу цIерца а гIо дийр ду хьуна. 7 ТIаккха
Ариална дуьхьал тIом беш долчу къаьмнийн массо
бIош а, цунна а, цуьнан чIагIонашна а тIелеташ
болу мостагIий а, цунна гIайгIа йойтурш а чехка,
набарх а, буьйсанан гIенах а санна, къайлабевр бу.
8 Меца волчунна ша хIума юуш гIан го, амма,
самаваьлча, иза меца хуьлу, хьогах волчунна ша хи
молуш гIан го, амма, самаваьлча, иза хьогах хуьлу.
Иштта хир ду Цийон-ломана дуьхьал тIом бечу
массо а къаьмнийн бIошна».

### ДIахьедаран тидам ца бар

9 Инзар а довла, тамаш а бе. Шаьш бIаьрзе а де,
бIарзделла а хила. Уьш бехна бу, амма чагIаро ца
дина иза, уьш лесташ бу, амма нихано ца дина иза.
10 ††Везачу Эло шуна чIогIа наб яийтина. Цо
дIакъевлина шун бIаьргаш (уьш пайхамарш бу), Цо
дIахьулдина шун кортош (уьш хиндерг гушберш
бу). 11 Делера болу муьлхха а хаам шуна мухIар
тоьхна тептар санна хир бу. Оцу тайпанара тептар
деша хуучуьнга дIа а лой, олу: «Деша иза», амма цо
жоп ло: «Ца дешало соьга, хIунда аьлча и тептар
мухIар тоьхна ду». 12 Деша ца хуучуьнга дIа а лой,
олу: «Деша иза», амма цо жоп ло: «Суна деша ца
хаьа».
13 ‡Хьалдолчу Эло элира: «ХIара халкъ баганца
Суна тIекхочу, маттаца Со лору цо, амма церан
дегнаш Суна дукха генахь ду. Суна хьалха болу
ларам адамаша Iамийна долу парз бен дац.
14 ‡†Цундела Аса кхидIа а оцу къомана инзаре
хIуманаш дийр ду, цуьнан дуьхьа Аса Iаламат
тамашийна гIуллакхаш дийр ду. Церан
хьекъалчийн хьекъалалла довр ду, кхетам болчийн
кхетам а хир бац».
15 Къа ду шайн дагахь дерг Везачу Элах лачкъо
гIертачийн, цара боданехь до шайн зуламе
гIуллакхаш: «Вай хьанна го? Вай дийриг хьанна
хаьа?» – бохуш. 16 ‡‡Ма дуьхьлара ойла ю иза!
Поппар а, кхийра пхьегIа ен пхьар а цхьаъ лара
мегар ду ткъа? ХIумано ша йинчух лаьцна: «Цо ца
йина со», – эр дуй? Ша кхоьллинчух лаьцна: «Иза
цхьанна а хIуманах кхеташ вац», – эр дуй хIумано?
17 Кхин а жимма хан яьлча, Ливанунах беш хир
яц, ткъа и беш, хьун санна, лорур яц?
18 Цу дийнахь къорачарна тептар тIера дешнаш
хезар ду, Iаьржачу боданах паргIат а баьккхина,
бIаьрзечеран бIаьргашна са гур ду. 19 Везачу Эло
хазахетар лур ду шаьш кIезиг хетачарна, мисканаш
баккхийбеш хир бу Исраилан Везачу Делах,
20 хIунда аьлча кхин хир вац къизаниг, кхаьрдаш
берш а дIабевр бу, зуламна тIехIиттинарш а
хIаллакбийр бу. 21 Цу наха дешнашца стаг
галвоккху, гIалин кевнехь гIуллакх къастош
волчунна кIело йо, эрначу къамелца нийса верг
дIатотту.
22 ИбрахIим кIелхьарваьккхинчу Везачу Эло
иштта боху Якъубан тIаьхьенах лаьцна: «Якъубан
тIаьхье кхин юьхьIаьржачу хIуттур яц, цуьнан юьхь
кхин макхлур яц. 23 ХIунда аьлча Аса кхоьллина
долу шен бераш шена гича, Якъубан тIаьхьено еза
лорур ю Сан цIе. Якъубан Веза Дела цара веза
лорур ву, Исраилан Далла хьалха уьш ларамах
буьзна хир бу. 24 ТIаккха са акха долучаьрга
хьекъалалла дуссур ду, аьрхачарна ладугIуш хила
Iемар ду».

### Мисар-махкаца бартбар эрна ду

30 «Къа ду аьрхачу нехан, – боху Везачу Эло. –
Цара Iалашонаш хIиттайо, амма уьш Сайнаш
яц, харцделанашна чагIаран сагIанаш дахарца
цара берташ бо, амма уьш Сан Синера бац, цхьана
къинна тIе кхиниг а тухуш. 2 Сох дага а ца бовлуш,
Мисар-махка боьлху уьш, пирIуне гIо дехархьама а,
Мисаран IиндагIехь дIалачкъархьама а. 3 Амма
пирIуно деш долу гIо эхье хир ду шуна, Мисаран

† СагIа доккхучу кхерчан юкъ *– Iебархойн маттахь иза «Ариал» цIеран маьIна ду.* †† 29:10 Римхошка 11:8.

‡ 29:13 Маттай 15:8, 9; Марк 7:6, 7. ‡† 29:14 1 Коринтхошка 1:19. ‡‡ 29:16 ЕшаI-ЯхIу 45:9; Римхошка 9:20.

IиндагIехь дIалачкъар а сий дайаре доьрзур ду.
4 Церан баьччанаш а, векалш а мисархойн ЦоIан-
гIалина а, Хьанас-гIалина а тIекхаччалц белахь а,
5 берриге а яхIудхой юьхьIаьржачу хIуьттур бу
шайна пайденна доцу и халкъ бахьанехь. Цуьнгара
я гIо а, я пайда а хир бац царна, амма эхь а,
юьхьIаьржо а хир ю».
6 ХIара бу НегIаб яьссачу арахь долчу дийнатех
лаьцна хаам: «Шена чохь дуккха а лоьмаш долчу а,
шена чохь дIаьвше лаьхьанаш а, саьрмикаш а
долчу сингаттамечу а, кхерамечу а махкахула
дIабоьлху яхIудхойн векалш. Шайн варрашна а,
эмкалшна а тIедехкина, деза совгIаташ хьо цара
цхьана а агIор шайна дан гIо доцучу халкъана.
7 Мисар-махко до гIо цхьана а агIор пайденна дац.
Цундела туьллу Ас цунна цIе: „Кхераме боцу
саьрмик“, – аьлла».

### Аьрха халкъ

8 Везачу Эло элира: «ХIинца, ваха а гIой, экъан
тIехь дIаязде иза царна, тептар тIе язде, тIейогIучу
ханна, гуттаренна а иза дисийта. 9 ХIунда аьлча и
халкъ аьрха ду, иза аьшпаш буьттуш а, Везачу Элан
хьехаме ладогIа ца лууш а ду. 10 Хиндерг гуш
болчаьрга цара боху: „Суьрташ кхин ма хIиттийта
шайна хьалха!“, ткъа пайхамаршка боху: „Делера
долу бакъдерг ма дийца, тхуна тамехь дерг дийца,
самукъане хаамаш бе. 11 Бита нийса некъ, дIадовла
бакъдолчу новкъара. Тхуна ца лаьа шун Исраилан
Везачу Делах лаьцна хаза“».
12 Цундела иштта боху Исраилан Везачу Дала:
«Сан дош емал а дина, гIелонна а, гамделлачунна а
тIетевжина шу. 13 ХIара къа шуна хIаллакьхиларна
хир ду. И къа, хероно боькъу лекха пен санна,
дIасашорлур ду. Шу санна болу и пен охьабожа
боллуш хир бу. ТIаккха цIеххьана пен охьабужур бу.
14 И пен, кхийра кхаба санна, кегбина хир бу.
Цуьнан кескаш юкъара цхьа а пайден хир яц.
Царах цхьанна а чохь пешара цIе я гIун чуьра хи
дIахьойла дац».
15 Хьалдолчу Эло, Исраилан Везачу Дала, иштта
боху халкъе: «Соьга, юха а дирзина, шу хьоьжуш
делахь, кIелхьардевр ду шу. Шу собарца Сох
тешахь, ницкъ хир бу шуьгахь». Амма шу реза ца
хили иза дан. 16 Мелхо а, аша боху: «Говрашкахь
девдда дIагIур ду тхо». ХIаъ, шу девдда дIагIур ма
ду! Аша боху: «Чехкачу говрашкахь тхо девдда
дIагIур ду». ХIаъ, амма шуна тIаьхьабевллачеран
говраш кхин а сиха хир ю! 17 Шух эзар водур ву
цхьана мостагIчо шуна кхерам тесча, ткъа царах
пхеаммо шу массо а водуьйтур ву. Шун эскарх
хIумма а юьсур яц, гунна буьххье йоьллина тIехь
байракх йолу гIаж санна кIезиг берш бен. 18 Веза
Эла шуьга хьоьжуш ву, шух къинхетам бан лууш,
Иза хьалаваьккхина лаьтташ ву, шуна диканиг дан
лууш, хIунда аьлча Веза Эла нийсонан Дела ву.
Декъал бу Цуьнга хьоьжуш берш.
19 Ярушалаймехь Цийон-лам тIехь Iаш долу халкъ,
хьо кхин доьлхур дац. Ахь орца даьккхича, Везачу
Эло хьуна диканиг дийр ду. Ахь гIо доьхуш Шена
хезча, Цо хьуна жоп лур ду. 20 Хьалдолчу Эло шуна,
халкъан нах, бепиг санна, гIайгIа лур ю, ткъа хи
санна, гIело лур ю. Делахь а, шуна хьехамаш
бийриг кхин лечкъина хир вац. Шайн бIаьргашца
иза гур ву шуна. 21 Шун лергашна хезар ду шайна
тIехьа аьлла дешнаш: «ХIара бу некъ, цу тIехула гIо
дIа», нагахь шу, новкъа дIадоьлхуш, аьтту я аьрру
агIор дIадерзахь. 22 ТIаккха аша детица кхелина
болу шайн цIуш а, дешица кечдина долу суьрташ а
кхиссина дIадохуьйтур ду, боьха нехаш санна:
«Яхийта кхузара!» – аьлла. 23 Везачу Эло догIа
доуьйтур ду аша лаьтта дIадийначу хIуьнна тIе,
тIаккха шун ялта хьийкъина а, токхе а хир ду.
Шуьйрачу дежийлашкахь дежаш дуккха а даьхни
хир ду шун. 24 Аренашкахь болх беш долчу шун
стерчаша а, варраша а шаданций, белаций, оруш,
цIанбина чоме хIоъ буур бу. 25 Дуккха а адамаш
дайар хиллачу дийнахь, бIаьвнаш йохийна
хIаллакйича, хIора лекхачу лома а, хIора боккхачу
гунна а тIера хин татолаш охьахьодур ду. 26 Беттан
серло малхан серло санна хир ю, ткъа малхан
серло ворхIазза сов сирла хир ю, цхьана денна
чохь йолу ворхI дийнан серло санна. И дерриг а
хир ду Везачу Эло, Шен халкъана йина чов дIа а
йихкина, Ша цунна динчу лазарна дарба дечу
хенахь.

### Дала Ашур-махкана таIзар дийр ду

27 Хьажал, Веза Эла геннара схьавогIуш ву, ткъа
Цуьнан оьгIазалла цIе санна йогуш ю. Цуьнан хаам
чIогIа хала а, беза а бу. Цуьнан балдашкахула
арадолург дераллех дуьзна ду, ткъа Цуьнан
маттаца дуьйцург дIакхоллуш йолу цIе санна ду.
28 Цуьнан садеIар логе кхаччалц хьаладаьллачу
дистинчу хих тера ду. Цецаца Цо къаьмнаш дегадо,
диканиг вочух дIакъасторхьама. Халкъийн
мочхалшна Цо гаьллаш йохку, церан новкъа тIера
уьш зуламечух дIадигархьама. 29 Ткъа аша, Далла
леринач дезачу дийнан буьйсанна санна, эшарш
лоькхур ю. Шун дегнаш тIехь самукъадалар хир ду,
шедаг а локхуш, Везачу Элан лома тIе, исраилхойн
Тарха тIе воьдучу стеган санна.
30 Везачу Эло хIоранна а Шен нуьцкъала аз
хозуьйтур ду. Шен оьгIазаллин ницкъ гойтур бу Цо
цIераш йийларехула а, стигал къекъарехула а,
тIулгаш санна йолу къора тохарехула а, догIанаш
даийтарехула а. 31 Везачу Элан аз хезча, ашурхой,
кхерабелла, бегош хир бу. ГIожаца санна, царна
таIзар дийр ду Цо. 32 Везачу Эло царна Шен гIаж
мосазза туху, етташ жиргIа а, локхуш дечиг-пондар
а хир бу. Хьалаайинчу куьйгаца Цо тIом бийр бу
цаьрца. 33 Дукха хенахь дуьйна Тупат цIе йолу
меттиг кечйина ю, цигахь цIе латорхьама. И меттиг
Ашуран паччахьна лерина ю. Иза кIорга а, шуьйра
а ю. Цу цIерга туьллуш алссам дечиг ду, иза йоккха

хилийта. Везачу Эло мох тоьхча, саьмгал санна,
хьалалетар ю иза.

### Дала Ярушалайм ларйийр ю

31 Къа ду Мисар-махка гIо деха боьлхучеран!
Мисархойн говрех а, гIудалкхех а, уьш дукха
хиларна, догдохийла а йолуш, церан дошлойх, уьш
онда хиларна, бIо а булуш бу уьш, амма Исраилан
халкъан Везачу Деле а ца хьовсу, Везачу Эле гIо а
ца доьху цара. 2 Амма Иза хууш ву, Ша деш дерг
хIун ду! Цо бохам боккхур бу, Шен дешнаш
юхаоьцуш вац Иза. Харцонаш лелочу зуламечу
нахана а, царна гIо дечарна а дуьхьал Шен
оьгIазалла йоккхур ю Цо. 3 Мисархой адамаш бен
дац, уьш деланаш бац. Церан говраш дилха бен
дац, уьш гIаларташ дац. Везачу Эло Шен куьг
дIахьажийча, гIо доккхург тасалур ву, ткъа гIо
тIелаьцнарг вужур ву. Уьш ший а хIаллакьхир ву.
4 Везачу Эло иштта элира соьга: «Ижуна тIехь
гIигI деш лаьтта къона лом санна ву Со. Масийтта
Iу цунна дуьхьал валархьама кхайкхича а, и лом
церан маьхьарех ца къехка, церан гIовгIанех кхера
а ца ло. Иштта массо а ницкъийн Веза Эла волу Со
а хир ву, Цийон-лома а, цуьнан гунна а дуьхьал
тIом бархьама Со охьавоьссича. 5 Олхазарш, шайн
кIорнеш ларъярхьама, бенашна тIехула леларе
терра, массо а ницкъийн Везачу Эло Ярушалайм-
гIала ларйийр ю. Цо и гIала, дIа а къевлина,
кIелхьарйоккхур ю. Чекх а ваьлла, иза
паргIатйоккхур ю Цо».
6 Исраилхой, шаьш сел чIогIа дуьхьалдевллачу
Далла тIе юхадерза! 7 Цу дийнахь шух хIораммо а
шен къа латийначу куьйгашца бина дато а, дашо а
цIуш дIакхуьссур бу. 8 «Адаман доцучу туьро
дужуьйтур ду Ашуран къам, стеган доцучу туьро
дIакхоллур бу ашурхой. Туьрана хьалхара
дIабовдур бу уьш, церан кегийчу нахах лай хир бу.
9 Уьш чIогIа тIетевжинарг къематехь меттахдер ду,
ткъа церан тIеман хьаькамаш мостагIийн
байраккхах кхоьрур бу», – боху Везачу Эло. Цуьнан
цIе Цийон-лома тIехь йогуш ю, цIеран кхерч
Ярушалаймехь бу.

### Нийсонца урхалла деш волу паччахь

32 Хьовсал, цхьа паччахь хир ву нийсонца
урхалла деш, иштта тхьамданаш а хир бу
бакъонца куьйгалла деш. 2 Царах хIора а мохана
дуьхьал йолу дIалечкъийла а, йочанина йина
*кхалор* а, яьссачу арахь долу хьоста а, хьогах долчу
лаьтта тIе доьжна лекхачу тархан IиндагI а санна
хир ду. 3 Адамийн бIаьргаш кхин бIарзбина хир
бац, ткъа церан лергашца цара тидамца ладугIур
ду. 4 Ойла ца ечеран хьекъал хIума хууш а, цунах
кхеташ а хир ду, мотт тиссалучара шера а дуьйцур
ду. 5 Iовдалах иза лараме ву кхин эр дац, ямартчух
иза хьанал ву а эр дац. 6 ХIунда аьлча Iовдало сонта
хIума дуьйцу, цуьнан дагахь вониг дар ду. Цо
Iесалла лелайо, Веза Эла емалво, мецачун лаам
Iаба ца бо, ткъа хьогахверг хи доцуш вуьту.
7 Ямартчун гIуллакхаш зуламе ду: цо ямартло ян
ойла йо, къениг харц дешнашца хIаллаквархьама,
и къениг нийса воллушехь. 8 Ткъа хьаналчо ойла а
хьаналниг йо, дерриге а цIена долчунна тIехь
лаьтта иза.

### Ярушалаймера зударий

9 ГIайгIа йоцу зударий! Хьала а гIовттий, ладогIа
соьга. Шаьш сашортехь бу моьттуш болу мехкарий!
ЛадогIа сан дешнашка. 10 Шарал сов, кхин масех де
даьлча, кхерамца дегош хир ду шу, гIайгIа йоцурш!
ХIунда аьлча кемсаш а лахьор яц, ялта чудерзо хан
тIе а кхочур яц. 11 Бегало, гIайгIа йоцу зударий!
Лесташ хила, синтемехь болу мехкарий! Шайн
бедарш охьа а кхиссий, гIодаюккъе сингаттаман
духар дехка. 12 Хьалха ка а етташ, делха шайн
яйначу исбаьхьачу аренех, хьийкъина стом лучу
кемсийн таьллангех. 13 ГIайгIа е тIехь коканан
коьллаш а, кIохцалш а долчу Сан халкъан лаьттах.
Делха массо а самукъане хиллачу цIенойх а,
йоккхаеш хиллачу гIаланах а. 14 ХIунда аьлча гIап
дIатесна хир ю, гIовгIане гIала а яссалур ю. ГIалара
цIенош а, шайна тIехь ха деш йолу бIаьвнаш а,
саьлнаш а йина лаьттар ю гуттаренна а. Акха
варраш а кхерстар ю цигахь, дежаш уьстагIий а
лелар ду, 15 лакхара вайна тIе Делан Са
доссийтталц. ТIаккха яьссачу аренах беш хир ю,
беш хьун санна хир ю. 16 Нийсо дIахIуттур ю
яьссачу арахь, бакъдерг лаьттар ду хьийкъинчу
бешахь. 17 Нийсоно машар хуьлуьйтур бу, ткъа
нийсонан стом – синтем а, сашорте а хир ю
абаденналц. 18 ТIаккха сан халкъ машаречу
хIусамашкахь Iийр ду, кхерам боцучу цIеношкахь а,
паргIато йолчу садоIучу меттигашкахь а. 19 Делахь
а, къорано хьун йохор ю, ткъа гIала ерриг а
лахйийр ю. 20 Декъала ду шу, хIунда аьлча дерриге
а хишна уллохь ялта дIаделур ду шуьга, шайн
бежанаш а, варраш а паргIат яжийталур ю шуьга.

### ГIо доьхуш долу доIа

33 Къа ду хьан, халкъ, чIана даьккхина доцу
чIана даккхархо! Хьан а къа ду, цхьаммо а
ямартло йина воцу ямартхо! Нах чIана баьхна хьо
даьлча, хьо а доккхур ду чIана. Ямартло йина хьо
даьлча, хьуна а йийр ю ямартло.
2 Веза Эла! Къинхетам бехьа тхох, Хьох ю-кха тхан
дегайовхо. Лардехьа тхо хIора дийнахь, кIелхьар а
дахахьа, хала хан тIееача. 3 ЧIогIа гIовгIа хезча,
халкъаш дIадовдур ду. Хьо хьалагIаьттича,
къаьмнаш дIасадаьржар ду. 4 Аша дIаяьккхина
хIонс, цIазо дIакхаьллича санна, дIалахьор ю,
цIазийн жIуга тIелетча санна, шун хьолана
тIелетар бу.
5 Ма сийлахь ву лакхахь Iаш волу Веза Эла! Нийсо
ярх а, бакъдерг лелорах а хьалаюзур ю Цо Цийон.

6 Веза Эла халкъан заманашкахь чIогIалла хир ю.
Цо алссам кIелхьардахар лур ду, хьекъалалла а,
вовзар а луш. Везачу Элана хьалха ларамах дуьзна
хилар – иза халкъан хазна хир ю.
7 Хьовсал, церан майра къонахий урамашкахь, гIо
доьхуш, маьхьарий хьоьккхуш бу, ткъа машарна
арабевлла векалш къаьхьа боьлхуш бу. 8 Некъаш а
дассаделла, дIасалелаш некъахой а бац. Барт а
бохийна, цуьнан тешаш а емалбина бу †, цхьа а вац
лоруш. 9 Латта гIайгIа а еш, гIел а луш Iуьллу.
Ливанунан хьаннаш тIе эхь деана а, маргIалйоьлла
а ю. Шарон-тогIи яьссачу аренах тарьелла. Башан-
мохк а, Кармал-лам а дерзина девлла, шайн дитташ
тIера гIаш охьа а эгна.

### Везачу Эло Шен мостагIашна дIахьедар дар

10 «ХIинца Со гIоттур ву, – боху Везачу Эло. –
ХIинца Со лекха а, веза а хилар гойтур ду Ас. 11 Аш
хIиттош йолу Iалашонаш эрна ю, хIора аш деш
долу гIуллакх пайденна дац. Шун садеIар шу
дIакхоллу йолу цIе ю. 12 Кхехкаш болу кир санна,
халкъаш дохийна хир ду, хедийна коканан
коьллаш санна, цIерга кхуьссур ду уьш. 13 Аша,
генарчара, ладогIа Ас динчуьнга, ткъа шуна,
уллорачарна, бовза Сан ницкъ!»
14 Цийон-лома тIехь болу къинош летийнарш
кхералуш бу, Iеса нах бегош бу: «Вайх мила Iалур ву
дерриг а дIакхоллучу цIерана уллохь? Вайх мила
Iалур ву йовр йоцучу цIерана уллохь?» 15 Нийсонца
а лелаш, бакъдерг дуьйцург а, харцо а лелийна,
стагера хIума ца йоккхург а, кхаъ эцарх шен куьг
лардийриг а, адам ден барт беш ца хазийта лергаш
дIакъовлуш верг а, зулам деш ца гайта бIаьргаш
дIакъовлуш верг а ву – 16 иштта волу стаг
лакхенашкахь Iаш хир ву, иза къайлаваьлла меттиг
лаьмнийн гIап хир ю. Цунна бепиг а латтор ду, хих
а хедар вац иза.

### Сийлахь хиндерг

17 Хьан бIаьргашна паччахь гур ву шен хазаллехь,
гена кхочуш долу латта а гур ду. 18 Хьуна дагахь
лаьттар ду хьалха хилла Iазапаш: «Мичахь ву
адамаш дIаяздеш лелларг? Мичахь ву ял йоккхуш
верг? Мичахь ву бIаьвнаш лоруш верг?» 19 Хьуна
кхин гур дац Iаьржа а, ца кхеташ а долу къамел а,
тамашийна а, ца бевзаш а болу мотт буьйцу дегала
халкъ. 20 Вайн синкъераман гуламаш хуьлучу
гIалане Цийоне дIахьажал. Хьан бIаьргашна
Ярушалайм гур ю, иза машаре меттиг а,
меттахдаккхалур доцу четар а ду. Иза чIагIдеш
тоьхна долу хьостамаш цкъа а схьадевр дац,
цуьнан цхьа а муш хедар бац. 21 Цигахь Сийлахь
волу Веза Эла вайна шуьйра хиш а, Iовраш а санна
хир ву. МостагIийн пийсакашца лелош долу а,
четарца лелош долу а хинкеманаш чудогIур дац
цига. 22 ХIунда аьлча Веза Эла вайн кхелахо ву, Веза
Эла вайн Iедал кхоллархо ву, Веза Эла вайн
паччахь ву. Цо кIелхьардохур ду вай. 23 МостагIчун
машшаш лагIделла, цаьрга мачтанаш а ца латтало,
четарш а ца лелало. ТIаккха йоккха хIонс екъар хир
ду, ур-атталла астагIчара а схьаяьхна хIуманаш
дIаяхьар ю. 24 Цийонехь Iаш волчо цхьаммо а эр
дац: «Со цомгуш ву». Цигахь бехаш болчеран
массеран а къиношна гечдина хир ду.

### Дала Шен мостагIашна таIзар дийр ду

34 ТIедуьйла, массо а халкъаш, ла а дугIуш!
Тидам бе, къаьмнаш! Лаьттана а, дерриг а
цунна тIехь долчунна а, дуьненна а, дерриг а цунна
чохь долчунна а дIахезийла! 2 Веза Эла массо а
халкъана оьгIазвахана ву, церан эскаршна
дуьхьалъяьккхина ю Цуьнан дералла. Цо уьш
берриш а хIаллакбан билгалбехира, уьш байа
дIабелира. 3 Церан байинарш дIасакхиссина хир бу,
церан декъашна тIера хьалаоьхуш хьожа хир ю.
Лаьмнаш дашор ду церан цIийно. 4 ††Стигалара
дерриг а седарчий телхар ду, стигал а хьаьрчар ю,
хьарчийна тептар санна. Седарчийн эскар а,
кемсийн таьлланга тIера чудужу гIа санна а,
инжиран дитта тIера маргIалдоьлла гIа санна а,
чудужур ду.
5 ‡Везачу Эло боху: «Сан тур стигалахь, дераллах
даха а дехна, кечдина ду. Хьовсал, кхел ян езачу а,
Аса дерриг хIаллакден долчу а Эдоман халкъана
тIедуссуш ду иза». 6 Везачу Элан тур цIийх дузур ду,
махьарх а дазлур ду – Iахарийн а, бежалойн а цIийх
дузур ду, уьстагIийн жаннаш тIерачу махьарх а
дазлур ду иза. ХIунда аьлча Бацар-гIалахь сагIа
даккхар а, Эдоман лаьтта тIехь, доккха цIий Iанош,
урс хьаккхар а хир ду Везачу Элан. 7 Цаьрца цхьаьна
бугIанаш а, старгIанаш а, стерчий а охьаоьгур ду,
церан цIий лаьттах чекхдер ду, церан махьаро чан
яшор ю. 8 Везачу Эло бекхам баран де а, мостагIех
акхаран шо а билгалдаьккхира. Цийонан гIуллакх
лардийр ду Цо.
9 Эдоман хих силам хир ду, цуьнан чан саьмгал
хилла дIахIуттур ю, ткъа лаьттах догуш долу силам
хир ду. 10 ‡†Дийнахь а, буса а дIа а ца довш, догуш
хир ду и латта, массо а хенахь кIур хир бу цунна
тIера хьалаоьхуш. Массо а тIейогIучу тIаьхьенехь
дIатесна а, даьсса а хир ду иза. Абаденналц цхьа а
гIур вац цунна тIехула дIа. 11 Куьйранаша а,
зуьнаша а дIалоцур ду и латта, ткъа бухIанаша а,
къийгаша а шайн бенаш цигахь дийр ду. Везачу
Эло Эдоман мохк баьсса а, кегарин а хуьлуьйтур бу.
12 Баьччанех цхьа а вуьсур вац цигахь, махкана
тIехь паччахьалла дан кхайкха, берриг а цигара
элий дIабевр бу. 13 КIохцалш долу коьллаш дезачу
цIеношкахь кхуьур ю, баьIаша а, нитташа а гIепаш

† Цхьана ширачу тептар тIехь: *цуьнан тешаш а емалбина бу. *Iебархойн тептар тIехь: *гIаланаш емалйина ю.*

†† 34:4 Маттай 24:29; Марк 13:25; Лака 21:26; Довзийтинарг 6:13, 14. ‡ 34:5-17 ЕшаI-ЯхIу 63:1-6; Ярми-ЯхIу 49:7-22; Яхьазкхиал 25:12-14; 35:1-15; Iамос 1:11, 12; Iабди-ЯхIу 1:1-14; Малъаки 1:2-5. ‡† 34:10 Довзийтинарг 14:11; 19:3.

къайлайохур ю. ЧангIалкхаш а, бухIанаш а Iийр ю
цигахь. [14] Яьссачу аренан акхарой акхачу
жIаьлешца цхьаьнакхетар ю цигахь, акха гезарий
хир ю вовшашка Iоьхуш. Буьйсанан гIаларташ хир
ду цигахь садоIуш а, шайна синтем лоьхуш а.
[15] БухIано, бен а бина, тевна хиъна, хIоаш дохур ду
цигахь. Ша даьхна кIорнеш шен тIемийн
IиндагIехь лардийр ду цо. Маккхалш а гуллур ю
цигахь цхьаъ вукхунна тIаьхье.
[16] Везачу Элан тептар тIехь схьа а лахий, дIадеша:
оцу акхаройх цхьа а цигахь йоцуш хир яц, ткъа
цхьа а стен дийнат боьршаниг доцуш хир дац,
хIунда аьлча Цо Ша омра дина, Цуьнан Сино
схьагулдийр ду уьш цхьаьна. [17] Цо Ша тесна царна
кхаж, Цуьнан куьйго шен барамца декъна царна.
Массо а хенахь цара дола дийр ду цу лаьттан,
тIаьхьенашкара тIаьхьенашкахь цунна тIехь Iийр
ду уьш.

### Деза долчун некъ

35 Яьсса а, екъа а аре йоккхаеш хуьлийла,
эрна аре самукъадаьлла хуьлийла,
акха зезаг санна цо заза доккхийла.
[2] ЧIогIа заза доккхуш хуьлийла и аре,
йоккха а еш, самукъане иза кхойкхийла.
Ливанунан сийлалла цунна дIалур ду,
Кармал-ломан а, Шарон-аренан а исбаьхьалла
цунна лур ю.
Везачу Элан сийлалла гуш хир ю,
вайн Делан исбаьхьалла гур ю.
[3] †Андде шайн кIадделла куьйгаш,
чIагIъе шайн егош йолу голаш.
[4] Кхоьруш долу дегнаш долчаьрга дIаала:
«Доьналлехь а хила, кхера а ма кхера!
Дела схьавогIур ву, шун мостагIашна бекхам
бархьама.
Царна доггIург а делла, шу кIелхьардаха Иза
вогIур ву».
[5] ††ТIаккха бIаьрзечийн бIаьргаш са гуш хир бу,
ткъа къорачийн лергаш дIадоьллур ду.
[6] АстагIниг, сай санна, кхоссалур ву,
мотт сецна волчо, хазахеташ, мохь хьоькхур бу.
Хиш яьссачу арахула дIахецалур ду,
хин Iовраш эрначу арахула оьхур ю.
[7] Йовхачу гIамарх хин Iам хир бу,
декъа латта хьостанаша дузор ду.
ЧангIалкхаша шайна баннаш дина меттигашкахь
шач а, эрз а хьалабер бу.
[8] Коьрта некъ а хир бу цигахь,
цунах «Деза долчун некъ» эр ду.
Хьарам берш цу новкъахула гIур бац,
сонта берш цунна тIехь кхерстар бац.
Делан новкъахула леларш бен,
уьш бен цу новкъахула лелар бац.
[9] Цхьа а лом хир дац цигахь,
дера акхаро а ер яц цу тIе.
Уьш цигахь карор яц.
Дала, мах а белла, паргIатбаьхнарш
гIур бу цу новкъахула.
[10] Везачу Эло кIелхьарбаьхнарш юхабоьрзур бу,
хазахетарца кхойкхуш Цийон-гIалина чу гIур бу.
Гуттаренна а долу ирс церан кортош тIехь хир ду.
Самукъадалар а, хазахетар а царна тIаьхьаккхуьур
ду,
сингаттам а, узарш а царах дIакъаьстар ду.

### Ашурхоша Ярушалаймана кхерам туьйсу

(ТIаьхххьарнаш 18:13-27; 2 Шерашкахь 32:1-19)

36 Хьузакх-ЯхIус паччахьалла до дейтталгIа шо
долуш, Ашур-мехкан паччахьо Санхьариба,
ЯхIуд-мехкан массо а чIагIйинчу гIаланашна тIе а
гIоьртина, уьш дIалецира. [2] Ашурхойн паччахьо
Лахиш-гIалара шен эскаран цхьа хьаькам
вахийтира дуккха а тIемалошца Ярушалайме
Хьузакх-ЯхIу-паччахьна тIе. Лакхарчу Iома чуьра хи
охьадогIучохь, наха хIуманаш юьттучу аренна
тIебоьдучу новкъахь, сецира и хьаькам.
[3] Паччахьан цIийнан хьаькам волу Хьалкхи-ЯхIун
кIант Элъякъим а, йозанча волу Шибна а, хилларг
дIаяздеш волу Асайпан кIант Юахьи а, ара а
ваьлла, цунна тIевеара. [4] Ашурхойн эскаран
хьаькамо элира цаьрга: «Иштта дIаала Хьузакх-
ЯхIуга:
„Ашурхойн сийлахьчу паччахьо хоьтту хьоьга:
‘Хьан бIобулуш дерг хIун ду? [5] Ахь боху хьайн
говзалла а, тIеман ницкъ а бу, амма уьш даьсса
дешнаш ду. Хьанах ю хьан дегайовхо, хьо суна
дуьхьалваллал? [6] ‡Кагъелла Iаса санна болчу оцу
Мисар-махкана тIетовжа ойла йолуш ву те хьо?
Шена тIе цхьаъ товжахь, иза куьйгах чекхъер ма ю!
Иштта ву шех тешна Iаш болчу массаьрца а Мисар-
мехкан паччахь волу пирIун.
[7] Я аша олу те: ‹Тхайн Везачу Делах тешна Iаш ду
тхо›? Делахь а Хьузакх-ЯхIус, цу Далла лерина сагIа
доккху гунаш а, шайна тIехь долу кхерчаш а дIа а
даьхна, ЯхIудан а, Ярушалайман а халкъе ма олура:
‹Ярушалаймехь болчу хIокху кхерчана хьалха бен
Iибадат ма де›. [8] Вало, сан олахо волчу ашурхойн
паччахьца берта гIо хьо. Аса ши эзар дин хьуна
белча а, царна тIе ховшо береш карор барий
хьуна? [9] Сан олахочун уггар кIезиг лоруш болчу
ялхойн цхьа тхьамда а юхаваккха муха гIерта хьо,
Мисар-махко хьайна тIеман гIудалкхаш а, дошлой а
бахкийтарх тешна хьо Iаш велахь? [10] Везачу Элан
лаам ца хилча, кху лаьтта тIе вогIур варий со иза
хIаллакдан? Ша Везачу Эло элира соьга: ‹Ваха а
гIой, хIокху махкана тIе а латий, иза хIаллакбе›’“».
[11] Элъякъима а, Шибнас а, Юахьис а эскаран
хьаькаме элира: «Тхо арамхойн маттах кхета,
цундела тхоьца арамхойн мотт бийца. Оцу пенна
тIехь лаьтташ долчу халкъана а хезаш, Iебархойн
маттахь ма дийца тхоьца».
[12] ТIаккха цу хьаькамо жоп делира: «Веккъа
цхьана хьан олахочунна тIе а, хьуна тIе а бен

† *35:3 Iебархошка 12:12.* †† *35:5, 6 Маттай 11:5; Лака 7:22.*

‡ *36:6 Яхьазкхиал 29:6, 7.*

ваийтина-м вац со сан олахочо хIара дешнаш
дIаала? ХIан-хIан, хIокху пенна тIе охьахевшина
долчу, шуьца цхьаьна шайн боьхалла а юуш, шайн
хьатI муьйлур долчу кху адамашка а дIаала веана
со».
13 ТIаккха эскаран хьаькамо, хьала а гIаьттина,
чIоггIачу озаца Iебархойн маттахь элира:
«ЛадогIалаш, ашурхойн сийлахьчу паччахьан
даше! 14 ХIара ду паччахьо бохург: „Хьузакх-ЯхIуга
шаьш ле ма дайта. Цуьнга сан карара шу
кIелхьардахалур дац. 15 'Везачу Эло вай кIелхьар а
дохур ду, и гIала Ашур-мехкан паччахьан кара а
йохуьйтур яц' – бохуш, Везачу Элах а тешна, шаьш
Хьузакх-ЯхIуга ле ма дайта. 16 Ла ма догIа Хьузакх-
ЯхIуга! Ашурхойн паччахьо иштта боху: 'Соьца
берта а гIой, суна тIедуьйла. Шух хIораммо а шен
долахь йолчу кемсийн таьлланга тIера а,
инжирийн дитташ тIера а стоьмаш доийла, иштта
хIораммо а шен доларчу гIу чуьра хи а молийла,
17 аса, ван а веана, шена тIехь кIа а, чагIар а долуш,
бепиг а, кемсийн бошмаш а йолуш, шун латта
санна долчу латта тIе шаьш дIадиггалц'. 18 Хьузакх-
ЯхIуга шаьш ле ма дайта: 'Везачу Эло вай
кIелхьардохур ду', – бохуш. Ткъа кхечу къаьмнийн
деланех цхьаммо а шен мохк ашурхойн паччахьан
куьйгах кIелхьарбаьккхиний? 19 Мичахь бу Хьамат-
гIалин а, Арпад-гIалин а деланаш? Мичахь бу
Сепарвайм-гIалин деланаш? Шамран-гIала а
кIелхьаръяьккхиний цуьнан деланаша сан карара?
20 Оцу мехкийн мел болчу деланех муьлхачо
кIелхьарбаьккхина шен мохк сан куьйгах? ТIаккха
Везачу Эло Ярушалайм сан карара схьайоккхур ю
аьлла хетий шуна?"»
21 Дуьхьал цхьа а дош ца олуш, дIатийна Iаш дара
халкъ, хIунда аьлча паччахьо омра динера: «Цунна
дуьхьал жоп ма ло», – аьлла. 22 ТIаккха паччахьан
цIийнан хьаькам волчу Хьалкхи-ЯхIун кIанта
Элъякъима а, йозанчо Шибнас а, хилларг дIаяздеш
волчу Асайпан кIанта Юахьис а, шайн тIехулара
бедарш а этIийна, Хьузакх-ЯхIуна тIе а баьхкина,
ашурхойн эскаран хьаькамо шайга аьлларг
дIадийцира.

### Хьузакх-ЯхIус ЕшаI-ЯхIуга шена хьехар дар доьху
(ТIаьххьарнаш 19:1-7)

37 Шена и хабар ма-хеззи, шен тIехулара
бедарш а этIийна, сингаттаман духар тIе а
дуьйхина, Везачу Элан цIа долчу вахара Хьузакх-
ЯхIу. 2 Паччахьан цIийнан хьаькам Элъякъим а,
йозанча Шибна а, динан дайн тхьамданаш а,
сингаттаман духарш тIе а духийтина, Амосан
кIантана ЕшаI-ЯхIу-пайхамарна тIебахийтира цо.
3 Цара элира ЕшаI-ЯхIуга: «Иштта боху Хьузакх-
ЯхIус: „Сингаттаман а, таIзар даран а, эхь тIедаран
а де ду хIара, хIунда аьлча бер дуьнен чу доккхучу,
ткъа и бер дан ницкъ ца кхочучу зудчух тарделла
вай. 4 Цуьнан олахо волчу ашурхойн паччахьо
схьахьажийначу эскаран хьаькамо аьлла, дийна
волу Дела емалвеш долу дешнаш хьан Везачу
Далла дIахаза тарло. Хьан Везачу Дала цунна
таIзар дан тарло, Шена дIахезна дешнаш бахьана
долуш. Ткъа ахь дийна бисинчарах доIа дехьа"».
5 Хьузакх-ЯхIу-паччахьан ялхой шена тIе
баьхкича, 6 ЕшаI-ЯхIус цаьрга элира: «ДIаала шайн
паччахье, Везачу Эло иштта боху: „Ашурхойн
паччахьан ялхоша, Со емал а веш, аьллачу, хьайна
хезначу дешнех ма кхера. 7 Хьажалахь! Аса цунна
чу са дуьллуьйтур ду, тIаккха цхьа хаам а хезна, иза
шен махка юхавоьрзур ву. Ткъа Аса шен махкахь
туьраца хIаллаквийр ву иза"».

### Ашурхоша кхин цкъа а кхерам боуьйту
(ТIаьххьарнаш 19:8, 9; ТIаьххьарнаш 19:8-19)

8 Ашурхойн паччахь Лахиш-гIалара дIавахна
аьлла шена хезча, и эскаран хьаькам
Ярушалаймера дIавахара. Цунна шен паччахь
Либна-гIалина дуьхьал тIом беш карийра. 9 ТIаккха
Санхьариб-паччахьна хезира, хушахойн паччахь
ТирхIакъа шена тIелата араваьлла аьлла. Иза а
хезна, цо геланчаш бахийтира яхIудхойн
паччахьна Хьузакх-ЯхIуна тIе, 10 цуьнга дIаала:
«Хьан дегайовхо шех йолчу хьайн Деле хьо ле ма
вайта, Цо хьайга аьлча: „Ярушалайм ашурхойн
паччахьан кара дIалур яц". 11 Хьуна-х ма хезна,
ашурхойн паччахьаша массо а мехкашна хIун
дина, уьш хIаллак а деш? Ткъа хьо кIелхьарвоккхур
ву ткъа? 12 Сан дайша хIаллакдинчу къаьмнийн
деланаша уьш кIелхьарбаьхний? Газун а, ХIаран а,
Рацап а гIаланашкара а, Тилассар-махкахь йолчу
Iеданера а бахархой кIелхьарбаьхний цара?
13 Мичахь бу Хьамат а, Арпад а, Сепарвайм а, ХIинаI
а, Iева а цIераш йолчу гIаланийн паччахьаш?»
14 Хьузакх-ЯхIус, геланчашкара кехат схьа а эцна,
дийшира. ТIаккха, Везачу Элан цIийне а вахана,
Далла хьалха и кехат схьадаржийра цо. 15 Везачу
Элана хьалха доIа а деш, Хьузакх-ЯхIус элира:
16 †«Каруб-маликашна тIехула йолчу Iаршна тIехь
охьахиъна Iаш волу, Исраилан халкъан Дела волу
массо а ницкъийн Веза Эла! Дуьнен чуьра массо а
пачхьалкхийн Дела Хьо цхьаъ ву. Ахь кхоьллина
стигал а, латта а. 17 Хьайн лерг тIе а дай, ладогIахьа,
Веза Эла, Хьайн бIаьргаш схьа а беллий, хьажахьа,
Веза Эла. ЛадогIахьа Санхьариба, дийна Дела волу
Хьо емалвеш, мел дуьйцучуьнга. 18 Ва Веза Эла,
бакъ ду-кх ашурхойн паччахьаша, и къаьмнаш
хIаллак а деш, церан латтанаш а дассийна, 19 церан
*цIу-деланаш* цIерга а кхиссина. Ткъа уьш-м
деланаш а боцуш, адамийн куьйгаша дечигах а,
тIулгах а дина суьрташ дара, цундела уьш
хIаллакдан тарлора. 20 ХIинца, тхан Веза Дела,
кIелхьардахахьа тхо цу паччахьан куьйгах, тIаккха
дуьнен чуьра массо а пачхьалкхашна хуур дара,
Веза Эла волу Хьо воцург, кхин Дела воцийла».

† *37:16 Арадаккхар 25:22.*

### ЕшаI-ЯхIугахула Дала делла жоп
(ТIаьххьарнаш 19:20-37)

21 Амосан кIанта ЕшаI-ЯхIус Хьузакх-ЯхIуга хабар
дахьийтира: «Исраилан Везачу Дала боху: „Ахь
Соьга ашурхойн паччахьах Санхьарибах лаьцна
доIа дарна, 22 хIара ду Везачу Эло цунна дуьхьал
аьлла дош:
‘Емалъеш, йоьлур ю хьох Цийонан йоIстаг,
Ярушалайман йоIа хьуна тIаьхьа цаяшарца куьг
тосур ду.
23 Мила ву ахь емалвинарг а, сийсазвинарг а?
Хьанна дуьхьал аз айдина ахь,
Хьанах ца вешаш хьайн бIаьргаш хьалаайина?
Исраилан Везачу Далла иштта дуьхьалваьлла-кх
хьо!
24 Веза Эла емал а веш,
хьайн геланчашкахула ахьа бохура:
‹Сайн дуккха а йолчу гIудалкхашца
ломан лакхенашка хьалаваьлла со,
Ливанунан уггар лакхарчу регIа тIе.
Цуьнан уггар а лекха баганан дитташ а,
тоьлла долу зоьзан дитташ а хедийна аса.
Цуьнан уггар а генарчу меттигашка а,
къаьсттина юькъачу хьуьне а кхаьчна со.
25 Хийрачу мехкашкахь гIунаш схьа а йостуш,
царна чуьра хи мийлина аса.
Сайн когийн айрашца Мисар-махкара
дерриг а хиш лакъийна аса›.
26 Ас дуккха а хьалха и дерриг а дагатесна хилар
хьуна ца хезна те?
Ширачу заманахь дуьйна цунах ойла а йина,
хIинца иза Аса кхочушдина,
чIагIйина гIаланаш хьоьгахула ясса а йойтуш,
царах къапалгийн саьлнаш а йойтуш.
27 Цу гIаланийн бахархой ницкъ а байна хилла,
кхерамна бега а беш, царна тIе эхь деана.
Арара буц я экам зIийдагаш санна бу уьш.
Тхов тIехь хьалабаьлла бай санна бу уьш,
кхиале берриг а марца а мерцина,
малхбалера хьоькху бовха мох бахьана долуш.
28 Амма Суна хаьа хьо охьахиъча а,
араваьлча а, чуваьлча а.
Суна евза хьан Сайна дуьхьал йолу дералла а.
29 Хьан Суна дуьхьал дералла хиларна а,
хьан цавашар Сан лере кхачарна а,
хьан мерIуьргех Сайн чIуг а чекхйоккхур ю,
хьан бага Сайн дуьрстанан гаьллаш а йохкур ю
Аса.
Схьавеанчу новкъахула
хьо юха а верзор ву Аса’“.
30 ХIара билгало ло Ас хьуна, Хьузакх-ЯхIу: кху
шарахь охьаэгначу ялтин хIух кхиъна долу ялта,
иштта тIедогIучу шарахь ша тIедаьлларг а дуур ду
аша. Ткъа кхоалгIачу шарахь ялта дIа а дей, иза чу
а дерзаде, кемсийн бошмаш а дIае, церан стоьмаш
а баа. 31 ЯхIудан цIийнах дийна висинчо юха а
лахахь орамаш а хоьцур ду, лаккхахь стом а лур бу.
32 ХIунда аьлча Ярушалаймера схьабогIур бу дийна
биснарш а, Цийон-ломара богIур бу шаьш
кIелхьарбевлларш а. Иза массо а ницкъийн Везачу
Делан кIоргачу безамо кхочушдийр ду.
33 Цундела ашурхойн паччахьах лаьцна Везачу
Эло иштта боху: „Иза цу гIали чу а вер вац, цу чу цо
ур-атталла цхьа пха а кхуссур бац. Карахь *турс*
долуш гIалина тIе а вогIур вац иза, цунна гонах
баьрзнаш а дийр дац цо. 34 Ша схьавеанчу
новкъахула юхавоьрзур ву иза, амма цу гIали чу
вогIур вац, – боху Ас, Везачу Эло. – 35 Аса ларйийр ю
хIара гIала, Сайн дуьхьа а, Сайн ялхочун Даудан
дуьхьа а кIелхьар а йоккхур ю иза“».
36 ТIаккха хIара хилира: Везачу Элан Малико, дIа а
дахана, Ашурхойн эскаран меттаматтара цхьа бIе
везткъе пхи эзар стаг хIаллаквира. Дийна бисина
болу ашурхой Iуьйранна хьалагIевттича, царна
лаьттахь Iохку декъий гира. 37 Ашурхойн паччахь
Санхьариб, юха а ваьлла, Нунав-гIала веара.
Цигахь иза сецира. 38 Шен дела волчу Нисрухан цIа
чохь Iибадат дечу хенахь, цуьнан кIенташа Адир-
Малика а, Шар-Эцара а, тур а тоьхна, вийра иза.
Юха и шиъ Арарат-махка дIаведира. ТIаккха
Санхьарибан метта паччахь дIахIоьттира цуьнан
кхин кIант Эсар-Хьадун.

### Хьузакх-ЯхIу-паччахь цомгуш хилар а, товалар а
(Сулим 20:1-11; 2 Шерашкахь 32:24-26; ТIаьххьарнаш 20:1-11)

38 Цу деношкахь Хьузакх-ЯхIу, цомгуш а хилла,
валарна гергакхаьчнера. Амосан кIант волчу
ЕшаI-ЯхIу-пайхамаро, иза волчу а веана, элира
цуьнга: «Иштта боху Везачу Эло: „Хьайн цIентIехь
болчаьрга весет де, хIунда аьлча, цомгуш волчуьра
то а ца луш, хьо лийр ву“».
2 Юьхь пенехьа дIа а ерзийна, Везачу Эле иштта
доIа дира Хьузакх-ЯхIус: 3 «Ва, Веза Эла!
Дагадаийтахьа, Хьуна тешаме а волуш, доггах
тIевирзина а хуьлуш, со Хьайна хьалха лелар. Ас
гуттар а Хьуна нийса хеташ дерг леладора». ТIаккха
къаьхьа вилхира Хьузакх-ЯхIу.
4 Юха Везачу Элан дош кхечира ЕшаI-ЯхIуга:
5 «Хьузакх-ЯхIу волчу а гIой, иштта дIаала цуьнга:
„Иштта боху хьо схьаваьллачу Даудан Дела волчу
Везачу Эло: ‘Суна хьан доIа а хези, хьан бIаьрхиш а
ги. Ас хьан дахарна тIе пхийтта шо хан тухур ю.
6 Ашурхойн паччахьан куьйгах хьо а, хIара гIала а
кIелхьарйоккхур ю Ас, гIала лар а йийр ю’“.
7 Везачу Эло Ша аьлларг кхочушдийриг хиларан
хIара билгало ю хьуна. 8 „Ахьаз-паччахьо бинчу
лами тIера маьлхан IиндагI итт тIегIанна
юхадоккхур ду Ас“, – боху Везачу Эло». Ша
чубаханчуьра итт тIегIанна юхабелира малх.
9 ХIара ду яхIудхойн паччахьо Хьузакх-ЯхIус,
цамгарх ша товелча, дIаяздинарг:
10 «Ас аьллера сайга: „Сайн дахаран тоьллачу
хенахь
Iожаллин кевнах чекхвала везаш ву со.
Дахаран дисинчу шерех дIахаьдда ву со“.

11 Ас аьллера: „Дийначийн лаьтта тIехь
кхин гур вац суна Веза Эла.
Дахар дIахедош долчу дуьнен тIехь
кхин цкъа а адам гур дац суна.
12 Сан дахар сох дIадоккхуш ду,
дIадоккхуш долу жаIуйн четар санна.
КIадидархочо санна, сан оьмар карчийна ас.
КIади дечу чарха тIера дIахададо кIади санна,
Везачу Эло сан дахар чекхдоккху цIеххьана,
Iуьйренна тIера суьйре тIекхачале.
13 Сахиллалц хьоьжуш Iийра со,
лоьмо санна, Цо кегйора сан даьIахкаш.
Везачу Эло сан дахар чекхдоккху цIеххьана,
Iуьйренна тIера суьйре тIекхаччалц.
14 ГIаргIулин а, чIегIардиган а санна дара сан аз.
Кхокхано санна, сагатдора ас.
Сан бIаьргаш гIийла стигала хьоьжура.
Веза Эла, кIелхьарваккхахьа со! Ма баланехь ву-кх со!“
15 ХIун эр ду ас? Везачу Эло ала а элира,
Цо иза дан а дира.
Сайн дахаран дерриг а шерашкахь собарца лелар ву со,
сайн са чохь хилла бала дагахь а латтош.
16 Хьалдолу Эла, Хьан дешнашца Iаш ма бу нах,
сан синан дахар Ахь мел дечуьнца доьзна ма ду.
Ахь со товеш ву, Ахь суна дахар а лур ду.
17 Сайн боккхачу баланах суна дика болх хили.
Хьайн безамца Ахь эрналлин Iинах ларви со.
Сан къинош Хьайна тIехьа тийси Ахь.
18 ХIунда аьлча эхарто ца хаставо Хьо,
Iожалло Хьуна хастам ца бо.
Коша чу бирзинчеран дегайовхо яц
Хьо царна тешаме хиларх.
19 Дийна волчо бен Хьо хастор вац,
ас Хьо хIинца хаста-ма-варра.
Дайша шайн берашна дуьйцур ду
Хьан тешаме хиларх лаьцна.
20 Везачу Эло со кIелхьарвоккхур ву.
Мерзаш долу пондарш а локхуш, оха хастор ву Хьо.
Тхаьш дийна мел ду, Везачу Элан цIа долчохь Иза хастор ву оха».
21 ЕшаI-ЯхIус аьллера: «Iаьвдина инжирийн курс
схьа а эций, иза оцу ноткъа ечу меттигна тIейилла,
тIаккха пачхахь товийр ву». 22 Ткъа Хьузакх-ЯхIус
хаьттинера: «ХIун билгало хир ю, со Везачу Элан
цIийне гIур ву аьлла?»

### Бавел-махкара болу геланчаш

(Сулим 20:12-19; ТIаьххьарнаш 20:12-19)

39 Цу хенахь Бавел-мехкан паччахь волчу Балу-
Адданан кIанта Мардух-Балу-Адданана
кехаташ а, совгIат а дахьийтира Хьузакх-ЯхIуна, иза
цомгуш хиллачул тIаьхьа товелла аьлла шена
хезна дела. 2 Геланчаш хазахетарца тIе а эцна,
Хьузакх-ЯхIус царна гайтира шен чIоь-цIа † чохь
мел дерг – дети а, деши а, хаза хьожа йогIу
хIуманаш а, деза хьакхарш а, герз чохь долу цIа а,
шен хазнашкахь кхин мел карош дерг. Хьузакх-
ЯхIус шен пачхахьан цIа чохь а, шен массо а
пачхьалкхехь а царна гайтаза хIумма а ца дисира.
3 Юха ЕшаI-ЯхIу-пайхамаро, Хьузакх-ЯхIу-паччахь
волчу а веана, хаьттира цуьнга: «ХIун бохура оцу
наха? Мичара баьхкинера уьш?»
Хьузакх-ЯхIус жоп делира: «Уьш генарчу Бавел-
махкара баьхкинера», – аьлла.
4 «Хьан цIа чуьра хIун гира царна?» – аьлла,
хаьттира ЕшаI-ЯхIус.
«Сан цIахь мел долу хIума а гира царна. Сан
хазнаш чохь хIумма а ца йисна ас царна гайтаза», –
элира Хьузакх-ЯхIус.
5 ТIаккха ЕшаI-ЯхIус элира Хьузакх-ЯхIуга:
«ЛадогIа, массо а ницкъийн Везачу Эло хIун боху:
6 „Цхьа хан йогIур ю, хьан цIа чохь мел дерг а, хьан
дайша кху дийне кхаччалц гулдинарг а Бавеле
дIахьош. ХIумма а бухадуьсур дац, – боху Везачу
Эло. – 7 ††Ахьа байтина болчу, хьох схьабевллачу
хьан кIентех цхьаберш а дIабуьгур бу. Бавелан
пачхахьан цIахь баьIна ялхой бийр бу царах“».
8 Хьузакх-ЯхIус жоп делира: «Ахь Везачу Элера
беана хаам дика бу». Амма шен дагахь цо ойла
йира: «Сан дахаран деношкахь машар а, синтем а
хир бу» – бохуш.

### Дегайовхонан дешнаш

40 «Синтем луо, синтем луо Сан халкъана, –
боху шун Дала. –
2 ДIаала Ярушалайме эсала,
дIахаийта цуьнан халкъе,
бала хьегна шераш чекхдевлла хилар,
цуьнан къинойх мах дIабелла хилар.
Везачу Элан куьйгах шалха таIзар
тIеэцна цо дерриг а шен къинойх».
3 ‡ ‡†Кхойккхучун аз хезаш ду:
«Яьссачу аренгахь Везачу Элана некъ кечбе!
Эрначу аренгахь нисде тхан Далла некъан тача!
4 ХIора тогIи хьалайоккхур ю,
хIора лам а, гу а лахабоккхур бу.
Харц некъаш нислур ду,
доьхнарш шарлур ду.
5 Везачу Элан сийлалла гучуяьккхина хир ю,
ткъа дерриге а адамашна иза гур ю,
хIунда аьлча Везачу Эло Ша аьлла иза».
6 ‡‡Озо боху: «ДIакхайкхаде!»
Ас хоьтту: «ХIун кхайкхо деза ас?»
«Кхайкхаде, хIора адам буц санна ду,
цуьнан хазалла арарчу зезагийн санна ю.
7 Буц а якъало, зезаг а маргIалдулу,
Везачу Эло царна тIе мох тоьхча.
Баккъалла, буц санна, адамаш а ду.
8 Буц а якъало, зезаг а маргIалдулу,

† *ЧIоь-цIа *– иза тIаьхьалонна йолу хIума дIаюьллуш долу цIа ду.** †† *39:7 Даниал 1:1-7; ТIаьххьарнаш 24:10-16; 2 Шерашкахь 36:10.* ‡ *40:3 Маттай 3:3; Марк 1:3; Яхьъя 1:23.* ‡† *40:3-5 Лака 3:4-6.* ‡‡ *40:6-8 Якъуба 1:10, 11; 1 Кипин 1:24, 25.*

амма вайн Делан дош гуттар а лаьтташ ду».
9 *Хаза кхаъ* бахьаш йолу Цийон,
лекхачу лам тIе хьалаяла!
Хаза кхаъ бахьаш йолу Ярушалайм,
хьайн аз айдеш, дIаала чIоггIа!
ДIаала, ма кхера!
ЯхIуд-мехкан гIаланашка дIаала:
«Хьажал, шун Дела схьавогIуш ву!»
10 †Хьажал, Хьалдолу Эла ницкъаца вогIуш ву,
Цуьнан куьг ду урхалла деш.
Цуьнан совгIат а Цуьнца ду,
Цуьнан ял а Цунна хьалха йогIуш ю.
11 ††Цо Iалашдийр ду Шен жа, Iуьно санна.
Iахарий караоьцур ду Цо,
уьш Шен дага уллохь лелор ду.
Узуш дерш а лерина Iалашдийр ду Цо.

## Исраилан башха Дела

12 Канашкахь хи хьан дуьстина,
я, ше а лоцуш, стигал хьан юьстина?
Лаьттан чан тускар чу хьан ерзийна,
я лаьмнаш а, гунаш а терзан тIехь хьан оьзна?
13 ‡Везачу Элан хьекъал довза мила кхаьчна?
Цуьнан хьехамча санна хьан Iамийна Иза?
14 Хьанах дагаваьлла Веза Эла?
Мила ву Цунна къастор луш а, Иза нийсачу
новкъа воккхуш а?
Мила ву Иза кхетош а, Цунна кхетаман некъ
гойтуш а?
15 Везачу Элана халкъаш хIумма а йоцург ю,
хин тIадамал бен дац уьш Цунна.
Терзанна тIера ченан буьртиг санна ду уьш.
ГIайренаш, хIур санна, хьалаойу Цо.
16 Ливанунан хьаннаш тоьуш яц,
Цунна догIуш долу сагIанаш цIера тIехь
даккхархьама.
Цигара долу бежанаш а тоьуш дац
Цунна догIуш долчу дийнаташ дагоран сагIина.
17 Дерриг а халкъаш Цунна хьалха хIумма а яц.
Уьш хIумма йоцучу хIуманал кIезиг а, даьсса а
лоруш ду Цуьнан.
18 ‡†Иштта, хьаьнца вустур вара аш Дела?
Цуьнца юста хIун кеп хир яра шун?
19 ЦIунах лаьцна аьлча, пхьеро иза эчигах вутту,
ткъа дашо пхьеро цунна тIе деши а дуьллу,
дато зIенашца иза кеч а во.
20 Иштта совгIат дан къен волчо
ца телхаш долу дитт хоржу.
Цо, говза пхьар а лохий,
цуьнга охьа ца вужу волу цIу войту.
21 Шуна ца хаьара?
Шуна ца хезнера?
Юьххьенца дуьйна аьлла дацара шуьга?
Латта кхоьллинчхьана дуьйна ца кхеттера шу?
22 Лаьттан гон тIехула йолчу *Iарш* тIехь Iаш ву Иза,
адамаш цаьпцалгаш санна ду Цунна хьалха.
Цо стигал дIасаяржийна, дуткъа кIади санна,
чохь Iан дина четар санна, дIахIоттийна иза.
23 Цо баьччанех хIумма а йоцург йо,
кху лаьттан куьйгалхой тIепаза бойу.
24 Уьш дIа ма-дийггIи,
уьш дIа ма-дий,
цара орамаш ма-хийцци,
Везачу Эло царна тIе Iаь туху,
уьш маргIал а дулу,
ткъа мохо уьш, ча санна, дIахьо.
25 «Со хьаьнца вустур ву аш?
Мила ву Соьга кхочуш?» –
боху Везачу Дала.
26 Шайн бIаьргашца стигала хьалахьовсал!
Хьан кхоьллина и дерриге а седарчий?
Эскар санна цхьацца арадоккхучо уьш кхоьллина.
Цунна церан хIоранан цIе хаьа.
Цуьнан ницкъ сел боккха хиларна,
царах цхьа а вовш вац.
27 Ахь хIунда боху, Якъуб,
арз хIунда до, Исраил:
«Сан некъ Везачу Элах лачкъийна бу,
сан гIуллакх Далла дицделла», – бохуш?
28 Хьуна ца хаьа?
Хьуна ца хезна?
Веза Эла гуттар а волуш волу Дела ву.
Цо лаьттан йистош кхоьллина.
Иза цкъа а кIад а ца ло, хIотта а ца хIутту.
Цуьнан хьекъалх цхьа а кхетар вац.
29 Цо кIадвеллачунна ницкъ а ло,
хIоьттинчунна гIора а ло.
30 Ур-атталла кегий нах кIад а ло, хIотта а хIутту,
ур-атталла къонанаш, гIел а белла, охьаэга.
31 Амма Везачу Эле хьоьжуш болчара
шайн ницкъ карлабоккху.
Аьрзунан тIемаш шайн хилча санна,
уьш лакхахь оьхуш хир бу.
Бевдча а, уьш хIуттур бац,
новкъа дIабахача а, уьш кIадлур бац.

## Дала исраилхой иракарахIиттор

41 «Тийна ладогIа Соьга, хIордан йистера
къаьмнаш!
Халкъаша шайн ницкъаш карлабохийла!
Улло а даьхкина, дистхуьлийла уьш.
ГIуллакх къасто, цхьаьнатохийла вай.
2 Малхбалера волу стаг хьан самаваьккхина,
иза дIавахханчохь цуьнга толам а боккхуьйтуш?
Цо халкъаш цуьнан кара дIало,
паччахьаш цунна муьтIахь бойту.
Цуьнан туьро царах чан йо,
цуьнан Iедо уьш дIасакхуьссу,
мохо ча дIаса ма-кхоссара.
3 Цо лаьхкина буьгу уьш, иза паргIат дIавоьду
ша хьалха цкъа а ца ваханчу новкъахула.
4 Хьан кхочушдина иза, хьан чекхдаьккхина иза?

† 40:10 ЕшаI-ЯхIу 62:11; Довзийтинарг 22:12. †† 40:11 Яхьазкхиал 34:15; Яхьъя 10:11. ‡ 40:13 Римхошка 11:34; 1 Коринтхошка 2:16. ‡† 40:18, 19 Векалийн 17:29.

Хинйолу тIаьхьенаш юьхьанцара дуьйна схьа хьан кхайкхина?
Со, Веза Эла, хьалхарниг ву,
тIаьххьарчаьрца а Со изза хир ву.
5 ХIордан йистера къаьмнаш,
иза а гина, кхераделла ду.
Лаьттан йистера халкъаш дегош ду.
Уьш схьа а догIу, схьа а кхочу.
6 ХIораммо а шен накъостана гIо до,
шен веше а олу: „ЧIагIлолахь!“
7 Пхьеро дашо пхьар иракарахIиттаво.
ЖIаьвнаца болх бечо иракарахIиттаво
нуьйжина тIехь тухуш верг.
Латийначух боху: „Дика болх бина!“
Цо хьостамашца *цIу* чIагIво, иза охьа ца вожийта.
8 †Амма хьо, Сан ялхо долу Исраилан халкъ,
Ас хаьржина йолу Якъубан тIаьхье,
Сан доттагIчун ИбрахIимах схьадаьлларг, –
9 Ас лаьттан йистера схьаэцна хьо,
генарчу маьIигашкара Ас схьакхайкхина хьо.
Ас аьлла хьоьга: „Хьо Сан ялхо ву“.
Ас хаьржина хьо, Ас хьо дIа ца тесна.
10 Кхера ма кхера – Со хьоьца ву.
Воха ма воха – Со хьан Дела ву.
Ас хьо чIагI а дийр ду, хьуна гIо а дийр ду.
Со хьуна гIортор хилла дIахIуттур ву
нийсо лелаечу Сайн аьтту куьйгаца.
11 Хьуна оьгIазбаханарш
юьхьIаьржачу хIиттина а,
тIе эхь деана а хир бу.
Хьуна дуьхьалбевлларш,
хIумма йоцург а хилла, хIаллакьхир бу.
12 Ахь хьайн мостагIий лехахь а, хьуна уьш карор бац.
Хьуна дуьхьал тIом беш берш, хIумма а йоцург хилла, дIабевр бу.
13 ХIунда аьлча Со Веза Эла ву, хьан Дела.
Хьан аьтту куьг схьа а лаьцна, Ас боху хьоьга:
„Ма кхера, Ас хьуна гIо дийр ду“.
14 Ма кхера, гIийла а, кIезиг а долу Исраилан халкъ,
Ас гIо дийр ду хьуна, – боху Везачу Эло,
хьо мах баларца ПаргIатдоккхучо, Исраилан Везачу Дала. –
15 Ас хьох ира ялта орург йийр ю.
Иза керла а, цергаш йолуш а хир ю.
Ахь лаьмнаш, эрина, хьаькхна дIадохур ду,
ткъа гунех кегаш йийр ю.
16 Ахь ирхдугIур ду уьш,
амма мохо дIасахьур ду уьш.
Ткъа чIогIачу мохо,
довдийна, къайладохур ду уьш.
Юха хьо Везачу Элаца хиларна, самукъадаьлла хир ду,
Исраилан Везачу Делах дозалла деш хир ду.
17 Къенаш а, мисканаш а хи лоьхуш бу, амма иза дац.
Церан меттанаш дакъаделла хьогаллина.
Амма Ас, Везачу Эло, жоп лур ду царна.
Ас, Исраилан Дала, буьтур бац уьш.
18 Ерзинчу лакхенашкахь хиш дуьйладолуьйтур ду Ас,
тогIешкахь шовданаш хьаладуьйлуьйтур ду.
Яьссачу аренах хин Iам бийр бу Ас,
декъачу лаьттах хин хьостанаш дийр ду.
19 Яьссачу арахь баган-дитт а, акаци а,
*турс* а, акха *зайт* а дитташ дугIур ду.
Эрначу аренгахь *зез-дитт* а, база-дитт а,
*баганан дитт* а дугIур ду цхьаьний.
20 Халкъана гайта а, хаийта а,
иза хьажийта а, кхетийта а,
Везачу Элан куьйго иза динийла,
Исраилан Везачу Дала иза кхоьллинийла».

## Шайн говзалла гайтархьама харцделанашна тIекхайкхар

21 «Къастадайта шайн гIуллакх», – боху Везачу Эло.
«Шайн тоьшаллаш даладе, – боху Якъубан Паччахьо. –
22 Шайн цIушка тоьшаллаш даладайта,
цаьрга хиндерг дийцийта тхуна.
Хиллачух лаьцна тхо кхетадайта цаьрга,
цунах лаьцна тхоьга ойланаш яйтархьама а,
иза чекх муха дер ду тхуна хаийтархьама а.
Я хиндолу хIуманаш схьакхайкхадайта тхуна.
23 Ала тхоьга, хIун хир ду йогIучу хенахь,
тIаккха тхуна хуур ду, шу деланаш дуйла.
Диканиг я воциг цхьаъ де,
тхо цецдовлийта а, кхерадалийта а.
24 Амма шу хIумма а йоцурш ю,
шун гIуллакхаш а ду пайда боцуш.
Шу хоржуш верг а дегаза ву.
25 Ас къилбаседера стаг самаваькккхина, иза тIегIуртуш ву.
Малхбалехь а волуш, Сан цIе къобалйо цо.
Цо хьоьшур бу куьйгалхой, хатт санна,
кхийра пхьегIа ечу пхьеро поппар санна, хьуьйр бу уьш.
26 Юьхьанца дуьйна хьан дийцина цунах лаьцна,
вайна иза хаийтархьама?
И хIума хилале хьан дийцина цунах лаьцна,
вайга: „Иза бакъ ву“ – алийтархьама?
Цхьаммо а ца дийцина цунах лаьцна, иза хир ду а ца аьлла,
цхьанна а ца хезна шуьгара дош.
27 Хьалхарниг санна Ас аьлла Цийоне: „ХIорш бу хьуна уьш!“
Ярушалайме *хаза кхаъ* эцна геланча вахийтина Ас.
28 Со хьаьжира, амма цхьа а вацара,
хьехар дала царна юкъахь цхьа а вацара.
Ас хаьттинчунна жоп дала цхьа а вацара.
29 Хьажал, уьш хIумма а яц!
Церан гIуллакхаш а пайда боцуш ду.
Мох а, яьссалла а ю церан цIуш».

---

† *41:8 2 Шерашкахь 20:7; Якъуба 2:23.*

### Везачу Элан ялхо

42 † ††«ХIара Сан Ялхо ву, Ас чIагIвеш волу.
Иза Ас хаьржина ву, Цунах воккхавеш ву Со.
Сайн Са дуьллур ду Ас Цунна тIе,
Цо халкъашна нийсо схьайоккхур ю.
2 Цо мохь а хьоькхур бац, Шен аз а айдийр дац.
Урамашкахь Шен аз а хозуьйтур дац Цо.
3 Кагбалла боллуш болу эрз а кагбийр бац Цо,
дIаян гIерташ сийсаш йогуш йолу милт а
дIайойур яц.
Цо баккъалла а нийсо схьайоккхур ю.
4 Иза гIел а лур вац, дог эшна а хир вац,
латта тIехь Ша нийсо дIахIоттаяллалц.
ХIордан йистера дехаш долу къаьмнаш
Цуьнан хьехамах дог тешна хир ду».
5 ‡Иштта боху, стигал а кхоьллина, иза
дIасаяржийначу а,
латта а, цунна тIехь долу массо хIума а
дIасадаржийначу а,
цунна тIехула лелачу адамашна садеIар а, дахар
а лучу а Везачу Дала:
6 ‡†«Ас, Везачу Эло, нийсоне хьаьжжина,
тIекхайкхина хьо.
Хьан куьг схьалаьцна латтор ду Ас, хьо Iалаш а
вийр ву.
Хьох халкъаца бечу бертан юкъалеларг а,
кхечу къаьмнашна серло а йийр ю Аса,
7 Хьоьга бIаьрзечарна са гайтийтархьама а,
тутмакхаш набахтера арабахийтархьама а,
боданехь Iаш берш серлонга бахийтархьама а.
8 Со Веза Эла ву, иза ю Сан цIе.
Сайна йогIу сийлалла кхечу далла дIа ца
йолуьйту Ас.
Сайна богIу хастам цIушна ца бойту Ас.
9 Хьовсал, хьалха аьлларг кхочушхилла.
ХIинца керланиг кхайкхор ду Ас.
Иза хилале, Ас хоуьйтур ду шуна».

### Хастаман йиш

10 Везачу Элана керла эшар лакха.
Хастам бу Цунна лаьттан йистошкара!
Хастам бе Цунна аш, хIорда тIехула лелarш,
хIорда чуьра дерриг а дийнаташ,
хIордан йистера мехкаш а,
царна тIехь Iаш берш а.
11 Яьссачу арено а, цунна тIера гIаланаша а шайн
аьзнаш ойийла!
Къедархой Iаш йолу меттигаш самукъадаьлла
хуьлийла!
СилаI-гIалара бахархой, хазахеташ, эшарш
лоькхуш хуьлийла!
лаьмнийн баххьаш тIера кхайкхамаш бойла!
12 Везачу Элана сийлалла кхайкхадойла,
Цунна хастам бойла хIордан йистерчу
мехкашкахь.
13 Веза Эла аравер ву, майра стаг санна.
ТIемалочо санна, тIом баран лаам карзахбоккхур
бу Цо.
Цо кхайкхам а бийр бу, тIеман цIогIа а тухур ду.
Шен ницкъ гойтур бу Цо мостагIашна тIехь.

### Дала Шен халкъана гIо дийр ду

14 «Дуккха а хенахь вист ца хуьлуш Iийра Со,
садетташ а, собаре хилла а Iийра.
Амма хIинца, бер дечу зудчо санна,
Ас мохь хьоккхур бу, Сан садукъалур ду.
15 Ас лаьмнаш а, гунаш а дассор ду,
царна тIера буц а якъор ю.
Хиш дIа а лакъийна, гIайренаш йийр ю Ас,
Iаьмнаш а дакъийна дIахIиттор ду, хиш дIа а
даьхна.
16 БIаьрзенаш царна ца бевзачу новкъахула
дIабуьгур бу Ас,
царна ца хууш долчу некъашкахь куьйгалла а
дийр ду церан.
Боданах царна хьалха серло йийр ю Ас,
ситтина некъаш нис а дийр ду.
Иза ду Ас церан дуьхьа ден дерг.
Уьш дIатосур бац Ас.
17 Амма цIунех тешна Iаш берш,
цIушка: „Шу тхан деланаш ду“ бохурш,
юхабоьрзур бу, доккха эхь тIе а деана».

### Исраилан халкъ бIаьрзе а, къора а хилар

18 Везачу Эло боху: «ЛадогIа, къоранаш,
хьовса, бIаьрзенаш, са гархьама!
19 Мила ву, Сан ялхо санна, бIаьрзе,
Ас вахийтина, Сан геланча санна, къора?
Мила ву бIаьрзе, Ас барт бинарг санна верг?
Везачу Элан ялхо санна, бIаьрзе верг мила ву?
20 Хьуна дуккха а хIума гина,
амма ахь церан тидам ца бина.
Хьан лергаш схьадиллина дара,
амма хьуна хIумма а ца хезна».
21 Шен нийсонан дуьхьа Везачу Элана лиира,
*товрат-хьехам* айа а, иза хасто а.
22 Амма хIара халкъ талор дина ду,
нахана тIера хIонс схьаяьккхина ду.
Уьш массо а Iаннашкахь латтош бу,
я набахтехь бахкийна къайлабохуш бу.
Царах хIонс хилла, цхьа а вац уьш кIелхьарбаха.
Царах талор хилла, цхьаммо а ца боху: «Схьало
уьш юха».
23 Цу хIумане хьан ладугIур ду шух,
я тIейогIучу заманахь цунна тIе тидам шух хьан
бийр бу?
24 Хьан дIаелла Якъубан тIаьхье, хIонс санна?
Хьан дIаделла Исраилан халкъ талорхойн кара?
Вай Цунна дуьхьал къинош летийначу
Везачу Эло ца дина иза?

† 42:1 Маттай 3:17; 17:5; Марк 1:11; Лака 3:22; 9:35. †† 42:1-4 Маттай 12:18-21. ‡ 42:5 Векалийн 17:24, 25. ‡† 42:6 ЕшаI-ЯхIу 49:6; Лака 2:32; Векалийн 13:47; 26:23.

Ца лиира царна Цуьнан некъашкахула лела,
Цуьнан хьехамашка ла а ца дуьйгIира.
25 Цо царна тIеюттура
Шен оьгIазалла а, тIеман къизалла а.
Цуьнан оьгIазалло, цIеро санна, го лецира церан,
амма уьш ца кхийтира хиллачух.
Цуьнан дералла царна дуьхьал йогуш яра,
амма шайн дегнаш тIе ца ийцира цара иза.

### Везачу Эло Шен халкъ кIелхьардоккхур ду

43 Якъубан тIаьхье, хьо кхоьллинчу а,
Исраилан халкъ, хьо дIанисдинчу а Везачу Эло хIинца иштта боху:
«Ма кхера – Ас мах баларца паргIатдаьккхина халкъ ду хьо.
Хьан цIе а йоккхуш, Ас схьакхайкхина хьоьга – Хьо Сан ду.
2 Хьо хийх дехьадолучу хенахь,
Со хьоьца хир ву.
Хьо Iоврех дехьадолучу хенахь,
хиша хьо дIакхоьхьур дац.
ЦIерах хьо дехьадолуш, цо хьо дагор дац,
цIеран алунаша хьуна зе дийр дац.
3 ХIунда аьлча Со Веза Эла, хьан Дела,
Исраилан Веза Дела, хьан КIелхьардоккхург ву.
Ас Мисаран къам дIало хьан паргIатонах.
*Хуша* а, Себа а дIало хьох.
4 Сан бIаьргаш чохь деза а, хьоме а хьо хиларна,
Хьо Сайна дезарна,
хьох нах дIалур бу Ас,
хьан синах халкъаш дIалур ду.
5 Ма кхера – Со хьоьца ву!
Малхбалера хьан тайпанаш схьадалор ду Ас,
малхбузера шу схьагулдийр ду.
6 Къилбаседе Ас эр ду: „Схьало!“,
къилбе а эр ду: „Ма сецабе!“
Юхаберзабе Сан кIентий генарчу меттигашкара,
Сан зудабераш – дуьненан массо а маьIIера.
7 Юхаверзаве хIорра а Сан цIарца воьзнарг,
Сан сий айархьама Ас кхоьллина волу а,
Сайн куьйгашца Ас вина а, кеп елла а волу а».

### Исраилан халкъ Везачу Элан теш ду

8 «Шен бIаьргаш доллушехь, бIаьрзе долу а,
шен лергаш доллушехь, къора долу а
и халкъ арадаккха, – боху Везачу Эло. –
9 Массо а халкъаш цхьаьна гулдина а ду,
дерриге а къаьмнаш вовшахтоьхна а ду.
Церан деланех хьан аьлла хиндолчух лаьцна?
Юьхьанцара дуьйна хилларг хьан хаийтина?
Шайн тешаш балабайта цаьрга,
уьш бакъхилар гайта а,
церан дешнаш дIахезча,
кхечеран „Иза бакъ ду“ ала йиш хилийта а.
10 Шу, исраилхой, Сан тешаш ду, – боху Везачу Эло. –
Ас хаьржина Сан ялхо а ду хьо, Исраилан халкъ,
шуна Со вовзийтархьама а, шу Сайх тешийтархьама а,
Дела Со хиларх шу кхетийтархьама а.
Сол хьалха цхьа а дела ца хилла,
Сол тIаьхьа а хир вац.
11 Со цхьаъ бен Веза Эла вац,
Со цхьаъ бен *КIелхьардохург* а вац.
12 Хиндерг дIа а аьлла, Ас шу кIелхьардехира,
хьалхе дуьйна иза дIахаийтира Ас.
Со-м шуна юкъахь хийраниг вац! – боху Везачу Эло, –
Шу Сан тешаш ду Со Дела хиларх.
13 Дуьххьарлерчу деношкара схьа Со Дела ву.
Сан куьйгах цхьаммо а кIелхьарвоккхур вац.
Ас динарг хьаьнга юхадерзалур ду?»

### Бавел-гIалара довдар

14 Исраил халкъан Везачу Дала, шу мах баларца паргIатдаьхначу Везачу Эло, иштта боху:
«Шун дуьхьа Ас Бавелна дуьхьал эскар дохуьйтур ду.
Берриге а хашадхой, бевдда нах санна,
церан дозалла хиллачу кеманашкахь
хинехула дIабуьгур бу Аса.
15 Со ву Веза Эла, шун Веза Дела,
Исраилан халкъ Кхоьллинарг, шун Паччахь».
16 Иштта боху хIорда юккъехула некъ биллина волчу,
нуьцкъалчу хишна юккъехула тача даьккхина волчу Везачу Эло.
17 ГIудалкхаш а, говраш а йолуш долу
онда эскар арадаккхийтира Цо, иза хIаллакьхилийтархьама.
Уьш массо а ийгира, кхин цкъа а хьала а ца гIевттира.
Къуьданаш санна, дIабайра уьш.
18 Везачу Эло боху:
«Хьалха хилла хIуманаш дага а ма леца,
дIадаьллачух лаьцна ойланаш а ма е.
19 Хьовсал, Со керланиг деш ву!
Иза хIинцале схьадеана. Шуна ца хаало иза?
Ас яьссачу аренгахь некъаш а дохкур ду,
эрначу аренгахь татолаш а хоьцур ду.
20 Акхароша Сан сий до,
чангIалкхаша а, бухIанаша а Со хаставо,
хIунда аьлча Ас яьссачу аренга хиш даладо,
эрначу аренгахь Ас татолаш хоьцу,
Айса хаьржинчу Сайн халкъе хи малийтархьама.
21 И халкъ Ас Сайна кхоьллина,
цо Сан сий кхайкхор ду».

### Исраилан халкъо къа латор

22 Везачу Эло боху:
«Хьо Соьга гIо доьхуш ца кхайкхина, Якъубан тIаьхье,
Сан дуьхьа ахь хьайна хало ца йина, Исраилан халкъ.

[23] Аша дийнаташ дагоран сагIа даккха уьстагIий а ца кхехьна Суна,
сагIанаш дахарца Сан ларам а ца бина.
Ас шуна кIен сагIа даккхар тIе ца дожийна,
хаза хьожа йогIу хIуманаш а ца кхехьийтина.
[24] Аш Суна ахчанах хаза хьожа йогIу эрз а ца эцна,
я шайн сагIанийн дийнатийн мохь ягорца там а ца бина.
Мелхо а, къинош леторца аша хало йина Суна,
шайн харцонашца Со гIелвина.
[25] Со-со ву шун къинош дIадойуш Верг.
Ас иза Сайн дуьхьа до.
Шун къинош кхин дагадохкуьйтур дац Аса.
[26] Хилларг дагадаийта Суна, цхьаьна къастор ду вай.
Дистхила, шу бакъдеш долу бахьанаш даладе.
[27] Хьан хьалхарчу дас къа латийна,
хьан баьччанаш а Суна дуьхьалбевлла.
[28] Цундела Ас сийсазбина хьан Дезачу цIийнан куьйгалхой.
Аса дIаелла Якъубан тIаьхье, иза хIаллакьяйтархьама,
Аса дIаделла Исраилан халкъ, цунах кхардийтархьама».

## Исраилан халкъ декъалдар

44 Везачу Эло боху:
«ЛадогIа Соьга хIинца, Сан ялхо йолу Якъубан тIаьхье,
Ас хаьржина долу Исраилан халкъ, ладогIа Соьга.
[2] Хьо кхоьллинчу а, ненан кийрахь долуш дуьйна
хьо дIанисдинчу а Везачу Эло иштта боху,
ткъа Цо хьуна гIо дийр ду:
„Кхера ма кхера, Сан ялхо йолу Якъубан тIаьхье,
ма кхера, Ас хаьржина долу Сан хьоме халкъ †.
[3] Ас хи доссор ду хьогах долчу лаьттана,
татолаш хоьцур ду екъачу аренашка.
Ас Сайн Деза Са хьан берашна тIе доссор ду,
Сан декъалдар хоьцур ю хьан тIаьхьенашка.
[4] Бай тIера буц санна, кхуьур бу уьш,
хин йистера акхтаргаш санна, хьалабевр бу.
[5] Цхьаммо ша Везачу Элан ву эр ду,
вукхо ша Якъубан лорур ву.
Шен куьйга ша Везачу Элан ву аьлла дIа а яздина,
кхоалгIачо ша Делан Исраилан халкъан лорур ву“».

## ЦIушна Iибадат дийраш юьхьIаьржачу хIиттор

[6] ††Иштта боху Везачу Эло, Исраилан халкъан Паччахьо а,
и халкъ ПаргIатдоккхучо а, массо а ницкъийн Везачу Эло:
«Со Дуьххьарлерниг а, ТIаьххьарлераниг а ву,
Со воцург, кхин Дела вац.

[7] Ас шира халкъ дIанисдинчу заманахь дуьйна хилларг
Со воцучуьнга кхин хьаьнга кхайкхалур а,
дIадийцалур а, Суна хьалха охьадиллалур а дара?
Хиндолчу гIуллакхех лаьцна аьлча,
хиндерг дийцийта цуьнга!
[8] Кхера а ма кхера, доха а ма доха.
Ширачу заманахь дуьйна хIокху хене кхаччалц,
дерриг а хиндерг Ас дIакхайкхийна.
Ткъа шу Сан тешаш а ду.
Со воцург, кхин Дела вуй?
ХIан-хIа, кхин цхьа а *Тарх* яц.
Суна ца евза цхьа а».
[9] ЦIуш беш берш – берриш а хIумма а йоцу
хIуманаш ю. Царна дукхаезаш йолу хIуманаш
пайда боцуш ю. Оцу цIуйх тоьшалла дечарна
хIумма а ца го, хIумма а ца хаало. Уьш
юьхьIаьржачу хIиттор бу. [10] Шена цхьа а пайда ца
бахьан волу дела хьан вийр ву лалийна воьттинчу
цIунах? [11] Иза деш верг а, цуьнан уллоранаш а
юьхьIаьржачу хIуьттур бу. Пхьераш шаьш а
адамаш бен ма дац. Массо а схьа а гулбалийтий,
цхьаьна дIахIиттийта уьш. Нахала а баьхна, уьш
кхоьруш хир бу.
[12] Аьчкапхьеро шен гIирсаца кIоранан алу тIехь
болх бо. Цо жIаьвнашца аьчках цIунан кеп йо. Цо,
шен куьйгийн ницкъ ма-кхоччу, болх бо. Иза мац а
ло, гIоранах а оьшу, хьаг а ло, кIад а ло.
[13] Дечигпхьеро дечиг тIехь юстаран тIийраг
кховдайо. Суьртана гонах къоламца сизаш хьокху
цо. Уьрсаца дIа а хедийна, шен гIирсаца леррина
кеп гойту. Дечигах стеган кеп йо цо, хазачу адаман
аматехь сурт до цо, и цIу цхьана цIа чохь
Iайтархьама. [14] Цо баганан дитташ хедадо, шена
ножан я *зоьзан дитт* схьаккхоьхьу. Хьуьнан юккъера
шена дитташ схьа а хоржу. Цу стага къахьаштонан
дитт дIадугIу, ткъа догIано иза доккха хуьлуьйту.
[15] Цу дечигех стагана ягориг хуьлу. Царах цхьа
дакъа, цIе а латийна, вохвала а, бепиг датта а
схьаоьцу цо, ткъа вукху декъах цIу а вой, цунна
Iибадат до. [16] Дечиган цхьа дакъа цIергахь дагадо,
цу тIехь кхача а кечбо, жижиг а дотту, иза вуззалц
даа а доу. Цул сов, цIера уллохь вох а луш, стага
олу: «Ма дика ду! Со хIинца вохвелла. Суна йовхо
хаало». [17] Бухадисинчу дечигах цо дела во, шен цIу.
Цунна Iибадат а деш, стага боху:
«КIелхьарваккхахьа со, хьо сан дела ма ву».
[18] Царна хIумма а ца хаьа, уьш хIумманах а ца
кхета. Церан бIаьргаш а, дегнаш а дIакъевлина ду,
царна са ца гайта а, церан кхетам ца хилийта а.
[19] Стаг ца кхета, цуьнан хьекъал ца кхочу ала: «Ах
дечиг цIергахь дага а дина, цу тIехь бепиг а
деттина, жижиг а кхерзина ас. Ткъа дисинчух аса
дегаза цIу вийр варий те? Дечиган юьхкана со
сужда гIур варий те?» [20] Овкъарна тIаьхьаваьлла
лела иза, Iехийначу даго харц новкъа ваьккхина
иза. Шен са паргIат а даьккхина, цуьнга ца алало:
«Сан аьтту куьйгахь харцо юй теша?»

---

† Сан хьоме халкъ *– Iебархойн тептар тIехь ма-дарра аьлча «Яшурон» дIаяздина ду. Иза Исраилан халкъан кхин цIе ю, ткъа иза «бакъахьараниг» маьIна долуш ду.* †† 44:6 ЕшаI-ЯхIу 48:12; Довзийтинарг 1:17; 2:8; 22:13.

### Кхоьллинарг а, КIелхьардоккхург а волу Веза Эла

21 Везачу Эло боху:
«Дагахь латтаде иза, ва Якъубан тIаьхье,
ва Исраилан халкъ, хьо Сан ялхо хиларна.
Ас кхоьллина хьо, хьо Сан ялхо ду.
Ва Исраил, Суна цкъа а дицлур дац хьо.
22 Ас хьан зуламаш, дохк санна, дIадаьхна,
Ас хьан къинош, марха санна, дIадайина.
Юхаверза Суна тIе, хIунда аьлча
Ас мах баларца паргIатваьккхина хьо».
23 Хазахетарца, яккхийъейша, стигалаш,
хIунда аьлча Везачу Эло дина иза!
Хазахетаран гIовгIа яккхийша,
лаьттан бухахь йолу меттигаш!
Хазахетарца декийша, лаьмнаш,
хьаннаш, церан дерриг а дитташ!
Якъубан тIаьхье Везачу Эло паргIатъяьккхина ю,
Исраилан халкъана юкъахь Шен сийлалла гойту Цо.
24 Хьан ПаргIатдоккхург а, ненан кийрахь долуш дуьйна хьо дIанисдинчу а Везачу Эло иштта боху:
«Дерриг а хIума кхоьллина волу Веза Эла ву Со.
Ас-Айса дIасаяржийна стигалш,
Сайн ницкъаца латта а дIадаржийна.
25 †Харцпайхамарийн билгалонаш талхайо Ас,
пал тосуш болчийн сонталла гучу а йоккху.
Хьекъалчийн хьехам Ас бохабо,
церан хьекъалх сонталла а йо.
26 Сайн ялхойн дешнаш дIачIагIдо Ас,
Сайн геланчаша аьлларг кхочуш а до.
Ас аьлла Ярушалайме: „Цунна чохь халкъ дехаш хир ду“,
ткъа ЯхIудан гIаланашка: „Уьш юха а дIахIиттийна хир ю,
церан къапалгаш Аса юхаметтахIиттор ю“.
27 КIоргачу хине Ас боху: „Дакъало!
Ас дIалакъор ду хьан татолаш“.
28 ††Къуреш-паччахьах боху Ас: „Иза Сан Iу ву.
Цо Сан лаам кхочушбийр бу.
Ярушалаймах цо эр ду: ‘ЮхаметтахIоттае и гIала!’
Делан цIийнах эр ду цо: ‘Цуьнан бух дIахIоттабе!’“»

### Везачу Эло Къуреш къобалво

45 Паччахь хила Ша къобалвинчу а,
цуьнга халкъаш карадерзадайта а,
паччахьашна тIера гIаьгIнаш схьадахийта а,
хьалха неIарш схьаеллаялийта а,
кевнаш дIа ца къовладалийта а
цуьнан аьтту куьг Ша схьалаьцначу а
Къуреше иштта боху Везачу Эло:
2 «Со хьуна хьалхаваьлла дIагIур ву,
лаьмнаш дIа а шардеш.
ЦIестан кевнаш кегдийр ду Ас,
аьчка гIораш отур ду.
3 Боданехь Iалашъеш йолу хазна а,
хьелаш дIахьулдина къайлаха меттигаш а
Ас хьуна дIалур ю, хьуна хаийтархьама,
Со хьан Исраилан халкъан Веза Дела вуйла,
хьайн цIарца хьо Соьга кхайкхина волу.
4 Сайн ялхочун Якъубан дуьхьа,
Айса хаьржинчу Исраилан дуьхьа,
хьайн цIарца хьо схьакхайкхина Ас,
сийлаллин цIе хьуна дIало Ас,
хьуна Со вевзаш вацахь а.
5 Со Веза Эла ву, Со воцург, кхин дела вац.
Ас хьуна ницкъ лур бу,
хьуна Со вевзаш вацахь а.
6 Ас иза дийр ду, массо а нахана массанхьа а,
малх хьалагIоттучу меттера иза дIабузучу метте кхаччалц,
Со воцург кхин дела воцийла хаийтархьама.
Со Веза Эла ву, ткъа Со воцург, кхин дела вац.
7 Со ву серло Йийриг а, бода Кхуллург а,
беркат Латториг а, бохам Бийриг а.
Ас, Везачу Эло, деш ду и дерриг а хIуманаш.
8 Лакхахь йолу стигалаш, хин тIадамаш санна,
мархаш, догIа санна, нийсо яийтийша охьа.
Лаьтто, дIаса а делладелла, *кIелхьардовлар* кхиадайта,
цуьнца цхьаьна нийсо а хьалаялийта!
Ас, Везачу Эло, кхоьллина иза».

### Кхоьллинчун а, хиллачун а да

9 ‡Декъаза ву ша Кхоьллинчуьнца къийсалуш верг,
лаьттах йинчу кхабанашна юкъахь цхьаъ бен йоцург!
Поппаро куьпчичуьнга хоттур дуй те: «Хьо хIун деш ву?»
Йинчу хIумано ша йиначух эр дуй те: «Цуьнан куьйгаш дац»?
10 Декъаза ву дега бохуш верг:
«И мила ву, ахь дуьнен тIе ваьккхинарг?»
Я нене бохуш верг:
«И мила ву, ахь винарг?»
11 Иштта боху Исраилан Везачу Дала,
иза Кхоьллинчу Везачу Эло:
«Сан берийн хиндолчух лаьцна Соьга хетта муха хIуьтту шу?
Сан куьйгаша бан безачу балха тIехь Суна омра дан муха гIерта шу?
12 Со ву латта кхоьллинарг,
цунна тIехь адам а Ас кхоьллина.
Сайн куьйгашца стигалш дIасаяржийна Ас.
Малх а, бутт а, седарчий а Сан омрица лелаш ду.
13 Къуреш карзахваьккхинарг Со ма ву,
цуьнгахула нийсо кхочушъяйтархьама.
Дерриг а цуьнан некъаш нисдийр ду Ас.
Цо Сан гIала юхаметтахIоттор ю,
йийсаре дIадигна Сан халкъ паргIатдер ду,
цунах мах я совгIаташ а ца луш», –

† *44:25 1 Коринтхошка 1:20.* †† *44:28 2 Шерашкахь 36:23; Iезар 1:2.*

‡ *45:9 ЕшаI-ЯхIу 29:16; Римхошка 9:20.*

боху массо а ницкъийн Везачу Эло.
14 Везачу Эло иштта боху:
«Мисархоша йина хIуманаш а,
хушахойн йохкаэцар а,
лекха нах болу себахой а,
шун дола а бевлла, шун хир бу.
Уьш шуна тIаьххье дIабогIур бу,
шайна тIехь буржалш а долуш.
Шуна хьалха охьа а таьIна,
цара дехарца бохур ду:
„Дела шуьца билггал ву,
Иза воцург, кхин дела вац“».
15 Билггал Ша къайлавоккхуш волу а,
Шен халкъ кIелхьардаьккхина волу а
исраилхойн Дела ву Иза.
16 ЦIуш беш берш массо а юьхьIаьржачу хIуьттур бу.
Цхьаьна дIабахар хир ду церан, юьхьIаьржо тIеярна.
17 Исраилан халкъ Везачу Эло кIелхьардоккхур ду
гуттаренна а долчу кIелхьардаккхарца.
ТIейогIучу хенахь цкъа а
юьхьIаьржачу хIуттур дац и халкъ.
18 Стигалш кхоьллина волу Веза Эла –
Иза билггал Дела ву.
Латта а кхоьллина, цунна кеп а елла,
иза чIогIа латтийтира Цо.
Эрна дитархьама ца кхоьллина Цо иза,
тIехь адамаш дахийта иза кхоьллина Цо.
Оцу Дала боху: «Со Веза Эла ву,
кхин цхьа а дела вац, Со воцург.
19 Ас къайлаха а ца дийцина,
я боданечу меттехь а ца дийцина.
Якъубан тIаьхьенах болчаьрга
Ас ца аьлла: „Эрна леха Со“.
Со бакъдерг дуьйцуш волу Веза Эла ву.
Нийса дерг дIакхайкхадо Ас».

## Дуьненан Веза Эла а, Бавелан цIуш а

20 Везачу Эло боху:
«Вовшах а кхетий, тIедуьйла,
халкъашна юкъара дийна дисинарш.
Сонта бу, дечигах вина шайн цIу а лелош,
шаьш кIелхьардахалур доцучу деланашка
доIанаш деш берш.
21 Схьа а дуьйлий, тоьшаллаш дIакховдаде.
ГIуллакхах лаьцна вовшех дагадовла.
Мила ву дукха хенахь дуьйна хьалха иза аьлларг?
Мила ву ширачу заманашкахь хиндерг аьлларг?
Со, Веза Эла, вац Иза?
Со воцург, кхин дела вац,
нийсонан Дела а, *КIелхьардохург* а.
Кхин цхьа а дела вац.
22 Суна тIедерза, тIаккха кIелхьардевр ду шу,
дуьненан массо а маьIIера адамаш!
Со Дела ву. Со воцург, кхин дела вац.
23 †Сайх чIагIо йо Ас,
Сан багара схьадолург бакъ ду,
Ас аьлла дош хийцалур дац:
хIора а адам Суна хьалха горахIуттур ду,
ткъа хIора маттахь Со къобалвина хир ву.
24 Сох лаьцна дуьйцур ду:
„Везачу Элехь ю нийсо а, ницкъ а“, – бохуш.
Цунна тIе а баьхкина, юьхьIаьржачу хIиттина
хир бу Цунна дуьхьалбевлла лелларш.
25 Исраилан тIаьхьенах болу берриш а
Везачу Эло бакъбина хир бу,
Цунах цара дозаллаш дийр ду».

46 «Вел-харцдела дог доьхна ву,
Набу-харцдела охьатаьIна ву.
Оцу деланийн суьрташ хIинца
бежанашна тIехь дIахьош ду.
Хьалха аша дIакхехьначарах
кIадделлачу даьхнина беза мохь хилла.
2 Цхьаьний уьш дог доьхна а, охьатаьIна а хилла.
Шайн суьрташ кIелхьар ца дахало оцу харцделанашка.
ХIинца уьш шаьш а йийсаре дIабахана бу!
3 ЛадогIа Соьга, Якъубан тIаьхьенах дерш –
Исраилан халкъах дийна мел диснарш.
Ненан кийрара схьадевлчхьана дуьйна,
Ас карахь лелийна ду шу.
4 Со шун Дела ву, Ас шун гIайгIа бийр бу,
шу къандаллалц а, шун месаш къежъяллалц а.
Ас кхоьллина ду шу, Ас шу карахь лелор ду.
Ас шуна гIо а дийр ду, шу кIелхьар а дохур ду.
5 Аша Со хьаьнца вустур вара?
Аша хьанах Со тарволуьйтур вара?
Со санна, кхин мила ву?
6 Наха, шайн бохчанаш схьа а достуш, деши охьахоьцу,
терзанаш тIехь дети узу цара.
Дашо пхьере а кхойкхий, шайна *цIу* войту цара.
Юха, цунна хьалха охьа а теIаш, Iибадат до цара.
7 Шайн белшаш тIе а вуьллий, дIахьо цара цIу.
Шен метта дIахIоттаво цара иза, цигахь иза лаьтта.
Цигара меттах а ца волуш, лаьтта иза.
Цхьаммо шега мохь хьекххахь а, цо дуьхьал жоп а ца ло
я вочу балхах цхьа а кIелхьар а ца воккху.
8 Дагадаийта иза, латтаде иза шайн коьртехь,
шайн дага тIе эца иза, аьрха нах.
9 Дагадаийта дукkха а зама хьалха хилларг.
Со Дела ву, Со воцург, кхин дела вац,
Со Дела ву, Со санна, кхин цхьа а вац.
10 Юьхьанцара дуьйна чаккхенехь хин дерг дийцина Ас.
Ширачу заманашкахь Ас аьлла хIинца а хилазчух лаьцна.
Ас аьлла: Сан Iалашо кхочушхир ю,
Сайн лаам берг Ас дерриг а дийр ду.
11 Малхбалера Ас аьрзу схьакхойкхур ю.
Генарчу махкара Ас стаг схьакхойкхур ву,
Сан Iалашо цуьнгахула кхочушъяйтархьама.

† 45:23 Римхошка 14:11; Пилапхошка 2:10, 11.

Айса аьлларг Аса кхочушдойтур ду.
Сайна дагадеъnарг Аса дийр а ду.
12 ЛадогIа Соьга, аьрха адамаш,
нийса долчунна генахь дерш.
13 Ас Сайн нийсо улло схьаеана –
иза генахь яц.
Ас лун долу *кIелхьардовлар* хьелур дац.
Цийонна кIелхьардовлар лур ду Ас,
Исраилан халкъана Сайн сийлалла лур ю».

### Бавелна йина кхел

47 †«Чу а йоссий, чена тIе охьахаа,
йоIстаг санна йолу Бавел-гIала.
Олаллин гIантан метта, лаьтта тIе хаа,
хашадхойн йоI санна йолу гIала.
Хьох кхин цкъа а эр дац
ховханиг а, экамниг а.
2 Хьеран тIулгаш схьа а эций, дама ахьа!
ДIадаккха хьайн йовлакх,
хьалаайае хьайн коч.
Голаш гучу а яхий,
хийх дехьаяла.
3 Хьан ерзина хилар гуш хир ду,
хьан эхь нахана гучудер ду.
Ас бекхам бийр бу,
цхьаннах а къинхетам бийр бац».
4 Вай мехах ПаргIатдохург Исраилан Веза Дела ву,
ткъа Цуьнан цIе – массо а ницкъийн Веза Эла ю.
5 Везачу Эло Бавеле боху:
«Тийналлехь а Iе, бодашка дIа а гIо,
хашадхойн йоI санна йолу гIала.
Кхин цкъа а эр дац хьох
пачхьалкхийн зуда-паччахь.
6 Сайн халкъана оьгIазвахнера Со,
Сайн долахь дерг сийсаздинера Ас.
Ас уьш хьан кара дIаделлера,
амма ахь царах къинхетам ца бира.
Ур-атталла къанвеллачунна а
хьайн деза дукъ тIедуьллура ахь.
7 Ахь олура, хьо гуттара а зуда-паччахь хир ю.
Амма и хилларш хьайн даг тIе ца эцна ахь,
паччахьаллин чаккхенан ахь ойла ца йина.
8 ††ХIинца ладогIа, хьолехь ехаш телхинарг.
Хьуна моьтту, хьо, кхерамехь а йоцуш, Iаш ю.
Деле а кхочуш, хьайн даг чохь боху ахь:
„Со Дела ву, соьга кхочуш цхьа а вац.
Со йисина Iаш а хир яц цкъа а,
береш а дайна, ас бала а хьоьгур бац“.
9 Амма цIеххьана, цхьана дийнахь,
и ший а хIума хьуна тIе догIур ду:
хьан майра а, береш а довр ду.
Дерриге а хьан бозбунчаллашка хьаьжна доцуш,
Ахь мел лелийначу молханашка хьаьжна доцуш,
и хIуманаш кхоччуш хьуна тIе догIур ду.
10 Хьо хьайн мекарлонех тешна яра.
Хьуна моьттура, хьо цхьанна а гур яц.
Хьан хьекъалалло а, хаарша а хьо некъах
тилийна.
Хьо Делаца а нисъеш, хьайн дагахь боху ахь:
„Со Дела ву, соьга кхочуш цхьа а вац“.
11 Амма хьуна тIе бохам богIур бу,
бозбунчаллица иза дIабаккха ахь могуьйтур дац.
Сингаттам хьоьга кхочур бу,
хьан ницкъ кхочур бац иза сацо.
Хьуна дагахь а доцуш долу
хIаллакьхилар цIеххьана догIур ду хьуна тIе.
12 ДIаIе айхьа лелочу молханашца а,
хьайн дерриге а бозбунчаллашца а,
ахь жима йолуш дуьйна лелийна уьш.
Цара хьуна гIо дан а там бу,
цара хьан мостагIий Iадо а там бу.
13 Хьо кIадъелла, хьайна дукха хьехарш дарна.
Хиндерг хаархьама стигалш дIасайоькъучаьрга а,
стигаларчу седарчех дерг толлучаьрга а,
хIора баттахь хьуна хиндерг дуьйцучаьрга а,
шайн метта схьа а хIиттина, хьо
кIелхьаръяккхийта.
14 Уьш чен юьхкаш санна ю:
цIеро уьш багор бу!
Цаьрга ур-атталла шаьш а
кIелхьар ца бахало цIерах.
Ша вохвалархьама кIоранах йолу цIе иза хир яц,
уллохь хиъна Iархьама йолу цIе иза хир яц.
15 Церан дуьхьа хьо къахьоьгуш а яра,
цаьрца хьо, жима йолуш дуьйна, йохкаэцар
лелош а яра,
амма хьан дуьхьа цаьрга хIумма а далур дац.
Царах хIора а шен новкъа дIавахана,
цхьа а ца висна хьо кIелхьаръяккха».

### Дела хиндолчун Да ву

48 ЛадогIа хIокхуьнга, Якъубан цIа,
ЯхIудана тIера схьадогIуш долу
Исраилан тIаьхье хьайх олуш долу.
Ахьа Везачу Элан цIарах дуй а боу,
Исраилан халкъан Везачу Далла Iамал а йо –
бакъдолчуьнца а, нийсонца а иза ца дахь а.
2 Аша шаьш езачу гIалех схьадевлла а,
Шен цIе массо а ницкъийн Веза Эла йолчу,
Исраилан халкъан Везачу Делах дозуш ду а боху.
3 Везачу Эло боху Исраилан халкъе:
«Дуккха а хьалха дуьйцура Ас хин долу хIуманаш.
Сан багахула царах лаьцна Ас бохура,
нахана Ас уьш дIахозуьйтура.
ЦIеххьана Со лела волавелира,
ткъа и хIуманаш кхочушхуьлура.
4 Суна хаьара, хьо къар ца луш дуйла а,
хьан вортана тIера пхенаш аьчка а,
хьаж цIестан дуйла а.
5 Цундела Ас хьалхе дIакхайкхадора хьоьга,
хиндерг хилла далале.
Хьан ала йиш ца хилийта:
„И хIуманаш сан цIуша дина ду.
Дечиган я лалийначу сан суьрто

† 47:1-15 ЕшаI-ЯхIу 13:1–14:23; Ярми-ЯхIу 50:1–51:64. †† 47:8, 9 Довзийтинарг 18:7, 8.

сацам бира и хIуманаш хилийта“.
[6] Хьуна хезна и дерриг а, хьажал цу тIе!
Ахьа тIе ца лоцу иза?
ХIинца дуьйна Ас керлачу хIуманех лаьцна дуьйцур ду хьуна.
Ас йовзуьйтур ю хьуна хьалха ца евзина йолу къайленаш.
[7] Тоххара дуьйна дац, уьш хIинцца кхоьллина ду.
ХIинццалц царах лаьцна хьуна ца хезна.
Цундела хьан ала йиш яц:
„ХIаъ, уьш хууш дара суна!“
[8] Хьуна иза хезна а дац, цунах хууш хIумма а дац.
Хьан лергаш хьалха схьадиллина дацара.
ХIунда аьлча Суна хаьара, хьо мел ямарта ву,
ненан кийрара схьаваьлчхьана дуьйна, дуьхьалваьлларг ю хьан цIе.
[9] Сайн цIе бахьана долуш, Ас юхайоккху Сайн оьгIазалла.
Суна болу хастам бахьана долуш,
хьо хIаллак ца ван Со сецаво Ас.
[10] Хьажал, хьо цIанъярхьма Ас лалийна хьо,
амма дети санна ца лалийна хьо.
Ас зийра хьо баланийн кхерчахь.
[11] Аса Сайн дуьхьа до иза –
Сайн цIе емалйойтур яц Ас,
Сайн сийлалла цхьанна а дIалур яц».

## Къуреш Везачу Эло хаьржина куьйгалхо хилар

[12] †Везачу Эло боху:
«ЛадогIа Соьга, Якъубан тIаьхье,
Исраилан халкъ, Ас тIекхайкхина долу!
Со – волуш волу Дела ву,
Со Дуьххьарлерниг а, ТIаьххьарлераниг а ву!
[13] Сан куьйгаша кхоьллина латта,
Сан аьтту куьйго дIасаяржийна стигалш.
Ас латта а, стигал а тIекхайкхича,
уьш Суна хьалха хIуьттур ду.
[14] Схьа а гуллой, ладогIа, аш массара а!
ЦIушна юкъара хьан аьлла кху хиндолчух лаьцна?
Везачу Эло хаьржинчу стага Бавелна дуьхьал йолу Цуьнан IалашО кхочушйийр ю.
Хашадхошна тIехь Шен ницкъ гойтур бу цо.
[15] Со цхьаъ ву вистхилларг а,
цуьнга схьакхайкхинарг а.
Со ву – иза схьавалориг,
цуьнан аьтто хир бу ша арабаьккхинчу новкъахь.
[16] ХIинца, Суна улло тIе а дуьйлий, ладогIа Ас бохучуьнга.
Хьалхе дуьйна а ас къайлаха ца дуьйцура.
ХIара хила доладелчхьана а, Со цигахь ву», – иштта боху Везачу Эло,
ткъа хIинца Хьалдолчу Эло ваийтина со Шен Синца.

## Везачу Эло Шен халкъан гIайгIа бар

[17] Иштта боху Везачу Эло,
хьо КIелхьардоккхучо а,
Исраилан халкъан Везачу Дала а:
«Со Веза Эла ву, хьан Дела,
хьуна пайденна дерг Iамош волу,
хьо ваха везачу новкъа дIавуьгуш волу.
[18] Ас деш долу омранаш ахь тидаме оьцуш делахьара!
ТIаккха хьан синтем дIадоьду хи санна хир бара,
хьан нийсо хIордан тулгIенаш санна хир яра.
[19] Хьан тIаьхье хир яра гIум санна дукха,
хьох схьабевлларш – гIамаран буьртигаш санна.
Церан цIе цкъа а йовр яцара,
Суна хьалха уьш дIахедар бацара».
[20] ††Бавелера арадовла,
хашадхойх дIадовда!
Хазахетаран маьхьаршца дIакхайкхаде иза,
массо меттехула дIасабаржабе и кхаъ:
«Везачу Эло мах баларца паргIатъяьккхина
Шен ялхо йолу Якъубан тIаьхье!» – алий.
[21] Везачу Эло Шен халкъ яьссачу аренехула дIадуьгучу хенахь,
наха хьогаллина бала ца лайна.
Дала тархах хи даьккхина царна.
Цо тарх екъча, хи охьадоладелла.
[22] ‡«Iесачарна машар хир бац», – боху Везачу Эло.

## Исраилан халкъ кхечу къаьмнашна серло хилар

49 ‡†ЛадогIа соьга, хIордан йистера долу къаьмнаш,
ладогIа, генахь Iаш долу халкъаш!
Со дуьнен чу а валале, Везачу Эло тIекхайкхина Со,
ненан кийрахь волчу хенахь дуьйна, Сан цIе тиллина Цо.
[2] ‡‡Сан маттах ира тур дина Цо,
Шен куьйган IиндагIехь Со Iалаш а вина.
Сох ирбина пха бина Цо,
Шен Iад-батта чохь Со лар а вина.
[3] Цо соьга элира: «Хьо Сан Ялхо ву, Исраил саннарг,
Хьоьгахула Сайна хастамаш бойтур бу Аса».
[4] Ас элира: «Эрна къахьегна ас!
Сайн ницкъ пайдабоцуш кхачийна ас.
ХIетте а, суна кхочург Везачу Элера хир ду,
суна доггIург сан Делера хир ду».
[5] Ткъа хIинца Шен Ялхо хила а,
Якъубан тIаьхье Шена юхаерзорхьама а,
Исраилан халкъ Шена тIе схьагулдайтархьама а
кийрахь дуьйна Со винчу Везачу Эло боху –
Везачу Элан бIаьргашкахь Сан сийдийр ду,
ткъа Сан ницкъ Сан Делера бу. –
[6] ‡‡†Цо соьга боху: «Хьо Сан Ялхо хилла Iийр вац,

† 48:12 ЕшаI-ЯхIу 44:6; Довзийтинарг 1:17; 22:13.

†† 48:20 Довзийтинарг 18:4. ‡ 48:22 ЕшаI-ЯхIу 57:21. ‡† 49:1 Ярми-ЯхIу 1:5. ‡‡ 49:2 Iебархошка 4:12; Довзийтинарг

Якъубан тайпанаш юхаметтахIитто а,
Исраилан халкъах бухабиснарш цIа берзо а.
Ас хьох кхечу къаьмнашна серло йийр ю,
Сан кIелхьардаккхар дуьненан массо а маьIIе кхачийта».
7 Исраилан халкъ мах баларца ПаргIатдаькккхинчо,
цуьнан Веза Дела волчу Везачу Эло,
нахана дегаза хеташ волчу а,
къаьмнашна ца везаш волчу а
куьйгалхойн Ялхочуьнга иштта боху:
«Паччахьаш, Хьо ган а гина,
хьалагIовттур бу ларамца.
Паччахьийн кIентий а, Хьо ган а гина,
лохха охьатаьIар бу,
хIунда аьлча тешаме волчу Везачу Эло,
Исраилан халкъан Везачу Дала, хаьржина Хьо».

## Исраилан мохк юхаметтахIоттор

8 †Везачу Эло боху:
«Со реза хуьлучу хенахь Аса жоп лур ду хьуна,
Хьо кIелхьарвоккху хан тIееача, гIо дийр ду хьуна.
Ас Iалаш а, лар а вийр ву Хьо,
Хьоьгахула Ас халкъаца барт бийр бу,
латта меттахIотто а, дассаделла дакъош
юха шун долахь хилийта а,
9 йийсаре дIабигна болчаьрга: „Арадовла!“ – ала а,
боданехь болчаьрга: „Гучудовла!“ – ала а.
УьстагIий санна, уьш некъийн йистошкахь бежаш хир бу,
дерзинчу гунаш тIехь церан дежийлаш хир ю.
10 ††Уьш цкъа а меца а, хьогах а хир бац.
Малхо а, товно а ницкъ бийр бац царна,
хIунда аьлча царах къинхетам беш Волчо дIабуьгур бу уьш.
Цо хин хьостанашна тIе балор бу уьш.
11 Ас Сайн массо а лаьмнех тачанаш дийр ду,
Сайн массо а коьрта некъаш хьалаойур ду.
12 Хьовсал, уьш генара схьабогIур бу –
цхьаберш къилбаседехьара,
вуьш малхбузехьара,
кхиберш Синайм цIе йолчу махкара».
13 Йоккхаехьа, стигал! Самукъадаьлла хилахьа, латта!
Хазахетаран илли декадейша, лаьмнаш!
Везачу Эло Шен халкъан дог оьцу,
Цо къинхетам бо гIело хьоьгучу Шен къомах.
14 Амма Цийоно элира:
«Везачу Эло йити со,
Хьалдолчу Элана со йицъелла!»
15 Везачу Эло жоп делира:
«Нанна дицлур дуй те шен декхаш долу бер,
ша динчу берах къахета йицлур юй те иза?
Нагахь нанна шен бер дицлахь а,
Суна цкъа а йицлур яц хьо.
16 Хьажал, Ас хьан цIе Сайн куьйгийн кераюккъехь дIаязйина.
Хьан пенаш гуттара а Сан бIаьргашна хьалха ду.
17 Хьан кIентий хьуна тIе юхаберза сихлуш бу,
хьо йохийнарш дIагIур бу хьо йолчуьра.
18 Хьайн корта хьала а айий, гонах дIасахьажа.
Берриг а хьан кIентий, гул а белла, хьо йолчу цIа боьрзуш бу!
Дийна волчу Сох чIагIо йо Ас, – боху Везачу Эло, –
зудчун туьтеш санна, цаьрца массаьрца а хазлур ю хьо,
нускалан хаза духар санна, уьш хир бу хьуна.
19 Хьан мохк бохийна а, бассийна а бара,
цунах къапалгаш йина яра,
ткъа хIинца иза чIогIа жима хир бу
цу тIехь даха хиинчу дебначу хьан халкъана.
Хьан мохк дIакхаьллинарш
хьо йолчуьра дIагIур бу.
20 Хьох бераш дIадаьхначу хенахь
халкъана юкъахь динчу бераша
хьуна а хезаш, эр ду цхьана дийнахь:
„ХIара меттиг чIогIа жима ю,
жимма дIакхалха, со а Iайтархьама“.
21 ТIаккха хьайн дагахь ахьа эр ду:
„Хьан дина суна хIара бераш?
Сох бераш дIадаьхнера, со уьш хуьлуш а яцара.
Со йийсарехь а, махках яьккхина а яра.
Хьан кхиийна хIара бераш?
Со массара а цхьа йитина ма яра –
хIара бераш мичахь дара?“»
22 Хьалдолчу Эло иштта боху:
«Хьовсал, Ас халкъашна цхьа билгало лур ю,
Сайн байракх ойур ю Ас царна,
тIаккха цара куьйгаш тIехь шайн кIентий а,
белшаш тIехь мехкарий а схьабахьар бу.
23 Паччахьаш дай санна хир бу хьуна,
паччахьийн зударий наной санна хир бу.
Уьш хьуна хьалха охьатаьIар бу,
цара хьан когашкара чан юур ю.
ТIаккха хуур ду хьуна Со Веза Эла вуйла.
Ас гIо даре сатуьйсуш верг дохковер вац».
24 Ондачуьнгара ижу схьаяккхалур юй?
Къизачу куьйгалхочуьнгара йийсархой схьабахалур буй?
25 Амма хIара боху Везачу Эло:
«Ондачуьнгара йийсархой а схьабохур бу,
къизачу куьйгалхочуьнгара ижу а дIахоьцур ю.
Хьоьца тIом беш болчаьрца Со тIом беш хир ву,
хьан бераш Ас кIелхьардохур ду.
26 Хьуна ницкъ биначаьрга Ас шайн дилха доуьйтур ду.
Шайн цIийно бахор бу уьш, чагIаро санна.
ТIаккха массо а адамашна хуур ду Со Веза Эла а,
хьо КIелхьарйоккхург а, мах баларца
хьо ПаргIатйоккхург а, Якъубан Нуьцкъалниг а вуйла».

50 Иштта боху Везачу Эло:

*1:16. ‡‡† 49:6 а: ЕшаI-ЯхIу 42:6; Лака 2:32; Векалийн 26:23; б: Векалийн 13:47. † 49:8 2 Коринтхошка 6:2. †† 49:10 Довзийтинарг 7:16, 17.*

«Мичахь ду шун ненан дIасакъастаран кехат,
Ас иза дIайохуьйтуш цуьнгахь хилла долу?
Я Сайна духалург ахча деллачух
хьанна доьхкина Ас шу?
Шу доьхкина ду, шайн къинош бахьана долуш.
Шун зуламаш бахьана долуш, дIаяхийтина ю шун нана.
2 Со схьавеанчу хенахь, цхьа а хIунда вацара?
Ас кхайкхича, дуьхьал жоп хIунда ца делира?
Сан куьг дацделла ткъа шуна гIо дан,
я Сан ницкъ дIабаьлла ткъа шу кIелхьардаха?
Ас Сайн омрица хIорд бакъабо,
хих яьсса аре йо,
тIаккха царна чуьра чIерий, хи а ца тоьий,
дахкало, хьогаллина ле.
3 Ас стигалш боданехь дIахьулйо,
сингаттаман духар тIе а тосий».

## Везачу Элан Ялхочун ладугIуш хилар

4 Хьалдолчу Эло Iеминчеран мотт белла Суна,
гIелвеллачунна гIо даран дош суна довзийтархьама.
ХIора Iуьйранна Цо самавоккху Со,
дешархочуьнга санна, тидамца соьга ладогIийта.
5 Хьалдолчу Эло Сан лергаш схьадиллина,
ткъа Со аьрха а вацара,
я Со юха а ца велира.
6 [†]Сайна еттачарна букъ кIелхIоттийра Ас,
ткъа Сайн маж дIаийзочарна – беснеш.
Ас юьхь дIа ца лачкъийра,
Сайна дов деш а, шеташ етташ а.
7 Хьалдолчу Эло Суна гIо дарна,
Суна эхь хетар дац.
Цундела Ас Сайн юьхь, мокхаз санна, латтайо.
Суна хаьа, Со юьхьIаьржачу хIуттур воцийла.
8 [††]Со бакъвеш волу Дела уллохь ву.
Мила ву Соьца къовсавала лууш?
ДIахIоттаве тхойшиъ дуьхь-дуьхьал!
Мила ву Со бехкеван лууш верг?
ТIеваийта иза Суна!
9 Хьалдолчу Эло гIо до Суна.
Хьаьнга ялур ю Суна кхел?
Уьш массо а, бедар санна, тишлур бу,
нецано йиъна хIума санна, дIабевр бу.
10 Мила ву шуна юкъахь Везачу Эле ларамах вуьзна а,
Цуьнан Ялхочо дуьйцучуьнга ладугIуш а?
Бодашкахь, серло а йоцуш, лелаш верг,
Везачу Элан цIарах тешна Iаш а хуьлийла,
шен Далла тIетевжаш а хуьлийла.
11 Ткъа шу, цIе латош дерш,
шаьш латийначу цIера юккъе гIо!
Догуш долу пхерчий схьаэцнарш,
шаьш латийначу пхерчашна юккъехь лела!
Иза Сан куьйго дийр ду шуна:
Iазап а хьоьгуш, охьаховшур ду шу.

† *50:6 Маттай 26:67; Марк 14:65.* †† *50:8, 9 Римхошка 8:33, 34.*

## Исраил-мохк тебеш аьлла дешнаш

51 Везачу Эло боху:
«ЛадогIа Соьга, нийсонна тIе гIертарш,
Веза Эла лоьхурш!
Шаьш схьахьаькхначу тархе хьовса,
шаьш чуьра схьадаьхначу оре хьовса.
2 Хьовсал шайн дега ИбрахIиме а,
шаьш динчу Сарате а.
Ас тIекхайкхинчу хенахь иза цхьаъ бен вацара,
амма иза декъал а вина, бераш а делла,
Аса цуьнан тIаьхье дебийтира.
3 Иштта Везачу Эло Цийонан догъоьцур ду,
цуьнан херцораш юкъахь болчарна синтем а лур бу.
Цуьнан яьсса аренаш Iедан-беш санна йийр ю,
цуьнан эрна аренаш Везачу Элан беш санна йийр ю.
Самукъадалар а, хазахетар а хир ду цигахь,
баркаллаш бохур ду, эшарш а лоькхур ю.
4 ЛадогIа Соьга, Сан халкъ,
ладогIа Ас бохучуьнга:
Соьгара *товрат-хьехам* схьабер бу,
Сайн нийсо Ас къаьмнашна серло йина дIахIоттор ю.
5 Сан нийсо гергакхочуш ю,
Ас лун долу кIелхьардаккхар новкъа даьлла ду.
Ас-Айса нийсонца олалла дийр ду халкъашна тIехь.
ХIордан йистера халкъаш хир ду Со варе сатуьйсуш,
шайна гIо ден долчу Сан куьйге хьоьжуш.
6 Хьалахьовсал стигала, охьахьовсал лаьтта!
Стигалш дIаевр ю, кIур санна.
Латта тишлур ду, бедар санна,
цуьнан бахархой а лийр бу, мозий санна.
Амма Сан кIелхьардаккхар гуттар а хир ду.
Сан нийсо цкъа а дIаер яц.
7 ЛадогIа Соьга, бакъдерг девзаш дерш,
Сан товрат-хьехам шайн дегнашкахь болу халкъ.
Наха шайна кхиссарш ярх ма кхера,
уьш шайх кхардарх а ма къахка.
8 Бедар санна, нецано дIабуур бу уьш,
тIаргIа санна, нIаьно дIакхоллур бу.
Ткъа Сан нийсо гуттар а хир ю,
Сан кIелхьардаккхар тIаьхьенашкара тIаьхьенашка кхочур ду».
9 ГIаттахьа, Веза Эла, гIо дехьа тхуна!
Хьайн ницкъаца тхо кIелхьардахахьа.
ГIаттахьа, хьалхалерчу заманашкахь санна,
дIаяханчу тIаьхьенийн деношкахь санна!
РахIаб-саьрмик дIахедийнарг Хьо вацара ткъа?
Цу хIордан саьрмиках тур Iоьттинарг Хьо вацара ткъа?
10 Ахь ца бакъийна хIорд, йоккхачу кIоргаллин хиш,
хIордан бухахула некъ а буьллуш,
кIелхьарбевлларш цунна тIехула дехьабовлийта?

11 Ахь мах баларца паргIатбаьхнарш юхабоьрзур
бу.
Эшаршца Цийон-лам тIе богIур бу уьш,
гуттар а долу хазахетар хир ду церан кортош
тIехула.
Хазахетар а, самукъадалар а карор ду царна,
сингаттам а, дакккхий синош дахар а дIадевр ду.
12 Везачу Эло боху:
«Со-суо ву шун догъоьцуш Верг.
Хьо хIунда кхоьру лийр волчу стагах,
буц санна телхачу адамийн кIантах?
13 Хьуна хIунда вицло хьо кхоьллина волу а,
стигалш дIасаяржийна волу а,
лаьттан баххаш дIахIиттийна волу а Веза Эла?
Хьо хIаллакван кийча волуш волчу,
хьуна гIело ечун дералла бахьана долуш,
дерриг а дийнахь хьо хIунда кхоьруш лаьтта?
Мичахь ю хьуна гIело ечун дералла?
14 Йийсархо кестта паргIатвоккхур ву.
Иза ор чохь а лийр вац,
цунна бепиг ца тоьуш а хир дац.
15 Со Веза Эла, хьан Дела, ву.
Ас хIорд ловзабоккху,
цуьнан тулгIенашка гIовгIа а йойтуш.
Сан цIе массо а ницкъийн Веза Эла ю!
16 Ас Сайн дешнаш хьан бага дехкина,
Сайн куьйган IиндагIехь хьо къайлаваьккхина,
хьоьга стигалш дIасаяржаяйта а,
лаьттан баххаш дIахIиттадайта а,
Цийоне: „Хьо Сан халкъ ду!“ – алийта а».

### Ярушалаймо Iазап хьегаран чаккхе

17 †Самаялахьа, самаялахьа,
гIаттахьа, Ярушалайм!
Везачу Элан карара
Цуьнан дераллин кад мелла ахь.
Кад берриг а бассийна ахь,
цо хьо тахкийна.
18 Ахь мел бинчу кIенташна юкъахь
цхьа а вацара хьо дIайига.
Ахь мел кхиийначу берашна юкъахь
цхьа а дацара хьан куьг схьалаца.
19 Хьуна тIе ши бохам беана –
хьан бийр бу хьуна синтем?
ЧIанадаккхар а, хIаллакдар а,
мацалла а, туьра кIел дахар а –
и дерриге а хьуна тIе деана –
хьан дог Ас хьаьнгахула оьцур ду?
20 ГIелбелла хьан кIентий
хIора ураман гола тухучохь Iохкуш бу.
РечIано лаьцна сай санна бу уьш.
Уьш Везачу Элан оьгIазаллах а,
хьан Делан къематах а буьзна бу.
21 ЛадогIа хIокху хIумане,
бала хьоьгуш верг а,
чагIар малаза вехна верг а.
22 Иштта боху хьан Хьалдолчу Эло,
Шен халкъ лардеш волчу хьан Дала:
«Хьан куьйгара схьаоьцу Ас
хьо тахкийна болу кад.
Сан дераллах буьзна болчу
хIокху кедара ахь кхин мер дац.
23 Ас хьуна ницкъ биначеран кара лур бу иза. Цара
хьоьга элира:
„Охьайижа лаьтта, тхо хьайна тIехула
дIасалелийта“.
Ахь хьайн букъах латта а, урам а бира, нах
тIехула лелийта».

### Дала Ярушалайм кIелхьаръяккхар

52 ††ГIаттахьа Цийон, гIаттахьа!
Ницкъ хьайна тIебухахьа!
Ва Ярушалайм, ва еза гIала,
хьайн исбаьхьа бедарш тIеюхахьа!
Сунтваза верг а, боьха верг а
кхин вогIур вац хьуна чу.
2 Хьайна тIера чан дIаегаехьа,
гIаттахьа, Ярушалайм!
Паччахьан гIанта тIе охьахаахьа!
Хьайн вортанна тIера зIенаш схьаяхахьа,
йийсаре лаьцна Цийонан йоI!
3 Везачу Эло хIара боху шен халкъе: «ХIумма а
йоцучу хIуманах доьхкина а дара шу, мах а ца луш,
оьцур ду шу». 4 Сан Хьалдолчу Эло иштта боху:
«Хьалха Сан халкъ Мисар-махка даханера, цигахь
дахархьама. ТIаьхьо ашурхоша Iазапехь даллийра
иза. 5 ‡Ткъа хIинца хIун ду Сан кхузахь? – хоьтту
Везачу Эло. – Мах а ца луш, йийсаре дIадигна ду
Сан халкъ, ткъа цуьнан куьйгалхой угIуш бу, – боху
Везачу Эло. – Дерриг а дийнахь Сан цIе емалъеш
лаьтташ ю. 6 Цундела Сан халкъана Сан цIе евзар
ю, цундела царна хуур ду цу дийнахь: „Со хIара ву!“
– аьлларг Со вуйла».
7 ‡‡Машар дIакхайкхош волчу а,
*хаза кхаъ* бахьаш волчу а,
*кIелхьардовлар* дIакхайкхош волчу а,
Цийоне: «Хьан Дала паччахьалла до!»
олуш волчу а геланчин когаш
лаьмнашкахула схьабогIуш мел хаза ду!
8 ЛадогIа! Хьан хехоша шайн аьзнаш айдина,
хазахетарца цхьаьний маьхьарий детта цара.
Шайн бIаьргашца го царна,
Веза Эла Цийоне юхавоьрзуш.
9 Яккхийейша, хазахетарца цхьаьна эшарш
лакхийша,
Ярушалайман херцораш!
ХIунда аьлча Везачу Эло Шен халкъан догъэцна,
Цо мах баларца паргIатъяьккхина Ярушалайм.
10 Везачу Эло Шен беза пхьарс берзина
баьккхина дерриг а халкъашна хьалха.
Дуьненан массо а йистошна
вайн Дала делла кIелхьардаккхар гур ду.
11 ‡‡ДIадуьло, дIадуьло, арадовла цигара!

† *51:17 Довзийтинарг 14:10; 16:19.*

†† *52:1 Довзийтинарг 21:2, 27.* ‡ *52:5 Римхошка 2:24.* ‡‡ *52:7 Нахьум 1:15; Римхошка 10:15; Эпасхошка 6:15.*

Боьхачух дIа ма хьакхало.
Арадовла цу чуьра, шаьш цIанде,
Везачу Элан пхьегIаш лелош дерш!
12 Амма шу меллаша девр ду ара, дIадовдур дац,
хIунда аьлча Веза Эла гIур ву шуна хьалхаваьлла.
Исраилан халкъан Веза Дела хир ву,
шу лардеш, шуна тIаьхьаваьлла вогIуш.

### Ялхочо бала хьегар

13 Везачу Эло боху:
«Хьовсал, Сан Ялхо Ша дечунна тIехь кхиам болуш хир ву.
Иза чIогIа лакхаваьккхина а, айвина а хир ву.
14 Иза гича, дукха адам инзардаьллера, хIунда аьлча
цхьана а адаман йоцучу кепара цIармата дара Цуьнан сибат,
цхьана а стеган ца хуьлу хатI дара Цуьнан.
15 †Амма Цо дукха халкъаш инзардохур ду,
паччахьаша шайн баганаш дIакъовлур ю Цунна хьалха.
Шайга ца дийцинарг гур ду царна,
шайна ца хезначух кхетар бу уьш».
53 ††Мила тешна хир вара тхоьгара хезначух?
Хьанна гайтина бара Везачу Элан нуьцкъала пхьарс?
2 Иза Цунна хьалха, ховха маргIал санна,
декъачу лаьттара хьалаболу орам санна, кхиъна ву.
Цуьнгахь я куц а, я исбаьхьалла а яцара
вайн тидам цунна тIебахийта.
Цуьнга хьаьжча, цхьа а хIума дацара
вай Цунна тIеозалуш долу.
3 Нах ца баьшна а, наха дIатесна а вара Иза.
Лазарш хааделла а, эгIазаллаш евзина а стаг вара Иза.
Шена тIера юьхь дIаерзаечу стагах санна,
Цунах даша а ца даьшна, вай Цуьнан хама а ца бинера.
4 ‡Амма, вайн эгIазаллаш тIе а лаьцна,
Цо вайн лазарш дIадаьхьира.
Ткъа вайна моьттура, Иза таIзар динарг, –
Дала тоьхнарг а, Цо ницкъ бинарг а вара.
5 ‡†Вайн аьрхаллина чов йина вара Иза,
вайн къиношна хьаьшна вара Иза.
Вайна машар бахьаш долу таIзар дара Цунна тIехь,
ткъа Цуьнан чевнаш бахьана долуш вай тодина лаьтта.
6 ‡‡Вай массо а тиладелла уьстагIий санна дара,
хIора а шен-шен новкъа тIевирзина вара.
Амма Везачу Эло дахкийтина Цунна тIе
вайн массеран а къинош а, бехк а.
7 ‡‡†Цунна гIело а йора, ницкъ а бора,
амма Шен бага хьала ца гIаттийра Цо.
Урс хьакха дIабуьгуш болчу Iахаро санна,
ша лоргучунна хьалха шен Iаь ца йолуьйтучу уьстагIо санна,
Шен бага хьала ца гIаттийра Цо.
8 Цуьнан гIуллакх харц къасторна, Иза дIаваьккхира.
Амма Цуьнан тIаьхьенах лаьцна хьан ойла йора?
Дийначеран лаьтта тIера дIаваьккхина вара Иза.
Сан халкъан къинош бахьанехь Цунна ницкъ бира.
9 ‡‡‡Зуламхошца цхьаьна каш кечдинера Цунна,
хьалдерг волчохь дIавоьллинера Иза,
Цо цкъа а къизалла ца йинехь а,
Цуьнан багахь харцдерг дацахь а.
10 Амма Везачу Элан лаамехь дара
Иза хьашийта а, Цуьнга баланаш хьегийта а.
Нагахь Шен синах Цо гIуда такхаран сагIа дахь,
тIаьхьенах берш гур бу Цунна,
Цуьнан дахар дах а дийр ду Цо,
ткъа Цуьнан куьйгахула кхиамца
Везачу Элан лаам кхочушхир бу.
11 Шен сино бала хьегначул тIаьхьа,
Цунна юха а дахаран серло а гур ю,
Шена тосаделлачуьнгахула Ша тIекхаьчначунна Иза реза а хир ву.
Нийсаверг волчу Сан Ялхочо
дуккха а нах Суна хьалха бакъбийр бу,
церан къинош Шена тIехь дIа а хьур ду.
12 §Цундела Ас сийлахьчарна юкъахь дакъа лур ду Цунна,
ондачаьрца ижу йоькъур ю Цо,
Цо Шен дахар Iожаллина дIадаларна а,
зуламхойх Иза дIатоьхна хиларна а.
Цо дуккха а болчеран къинош дIа а даьхьира,
зуламхошна тIера доIанаш а дора.

### Везачу Элан Исраилан халкъе болу безам

54 §†«Мохь хьекха, бер ца хуьлуш ерг,
цкъа а бер хилла а йоцург!
Хазахетаран цIогIа тоха, мохь хьекха,
бер хуьлуш лазарша ца хьийзийнарг,
хIунда аьлча йитинчун бераш сов ду,
майра волуш йолчун чул», – боху Везачу Эло.
2 «ДIасашоръе хьайн четар лаьтта меттиг,
хьайн хIусамийн шаршуш дIаяржае!
Юха ма оза! Четар чIагIдеш долу машшаш дIахеца,
ткъа машшийн хьостамаш лаьттах чIагIде!
3 ХIунда аьлча хьо аьтту а, аьрру а агIор дIасаяьржар ю.
Хьан тIаьхьенах болчара халкъаш карадерзор ду,
яссийна церан гIаланаш хьалаюзур ю.
4 Кхера ма кхера – кхин юьхьIаьржачу хIуттур яц хьо.
Эхь хеташ ма хила – кхин аьшнаш йийр яц хьо.

‡‡ 52:11 2 Коринтхошка 6:17. † 52:15 Римхошка 15:21. †† 53:1 Римхошка 10:16; Яхьъя 12:38. ‡ 53:4 Маттай 8:17. ‡† 53:5 1 Кипин 2:24. ‡‡ 53:6 1 Кипин 2:25. ‡‡† 53:7, 8 Векалийн 8:32, 33.

‡‡‡ 53:9 1 Кипин 2:22. § 53:12 Марк 15:28; Лака 22:37. §† 54:1 Галатахошка 4:27.

Хьайн жимачу хенахь юьхьIаьржачу хIоттар дицлур ду хьуна,
хьайн йисина Iаш сий дайна хилар дага а догIур дац хьуна.
5 Хьо Кхоьллинарг ву хьан майра –
Цуьнан цIе массо а ницкъийн Веза Эла ю.
Хьо ПаргIатъяькkхинарг Исраилан халкъан Веза Дела ву,
Цунах дерриге а лаьттан Дела олу.
6 Везачу Эло кхойкху хьоьга,
йитина а, дог доьхна а йолчу зудчуьнга санна,
жимачу хенахь ялийна а,
юха дIатесна а йолчу зудчуьнга санна, –
боху хьан Дала. –
7 КIеззигчу ханна Ас йитинера хьо,
амма боккхачу къинхетамца Ас юхаялор ю хьо.
8 ОьгIазваханчохь Сайн юьхь хьох къайлаяьккхинера Ас,
амма хедар боцучу безамца Ас къинхетам бийр бу хьох», –
боху хьо КIелхьарйоккхуш волчу Везачу Эло.
9 †«Суна иза Нохьин деношкахь санна ду.
Цу хенахь Ас чIагIо йира, кхин цкъа а лаьтта тIе Нохьин хиш дер дац аьлла.
ХIинца Ас чIагIо йо кхин хьуна оьгIаз ца ваха а,
бехкаш ца даха а.
10 Лаьмнаш дегадахь а,
гунаш меттахдовлахь а,
Сан хьоьга болу хедар боцу безам дIабер бац,
Сан хьоьца бина машаран барт меттахбер бац», –
боху хьох къинхетам беш волчу Везачу Эло.

## Керла Ярушалайм

11 ††«Пекъар йолу, мохо дIасалестош йолу,
шена синтем ца бина йолу гIала!
Ас-Айса хьан тIулгаш поппарца дуттур ду,
хьан бух саппир-тIулгех буттур бу,
12 хьан бIаьвнаш рубинех йийр ю,
кевнаш – къегачу жовхIарех,
ткъа дерриг а пенаш дезачу тIулгех дуттур ду.
13 ‡Везачу Эло Iамор бу хьан берриг а кIентий,
церан машар а, беркат а доккха хир ду.
14 Нийсонна тIехь чIагIйина хир ю хьо.
Iазап дар хьуна генадер ду,
хьо кхера оьшуш хIумма а дац.
Къемат хьуна генадер ду,
иза хьуна улло догIур дац.
15 Нагахь хьуна тIе цхьаъ латахь а,
иза Соьгара хир дац.
Милла а хьох латахь а, иза ша вужур ву.
16 Хьажал, Ас аьчка пхьар кхоьллина,
цо, алу алсам а йоккхий,
балхана догIуш долу герз кечдо.
Ткъа иштта Ас кхуллу хIаллакдийриг а,
цуьнга адамаш хIаллакдайтархьама.
17 Хьуна дуьхьал даьккхинчу цхьана а герзо хьуна зулам дийр дац.
Хьо бехке вечу муьлххачу а маттана дуьхьало ялур ю хьоьга.
Иза Везачу Элан ялхойн тIаьхье ю,
Соьгара долу церан бакъдар ду», –
боху Везачу Эло.

## Делера болу къинхетам

55 ‡‡Везачу Эло боху:
«Ва дерриге а хьогах дерш,
хиш тIе схьадуьйла!
Ва шайгахь ахча доцурш,
схьадуьйла, эца, яа!
Схьадуьйла, дети доцуш эца,
ахча а ца луш, чагIар а, шура а эца!
2 Аш хIунда луш ду ахча шайна пайденна доцучух?
Мах а луш, меца хIунда дуьсуш ду шу?
Дика Соьга ла а догIий, мерзаниг дIадаа,
тIаккха аша тоьллачу кхачанах дезар оьцур ду.
3 ‡‡ХIинца тидам бе, Суна тIедуьйла!
ЛадогIа Соьга, шайн синош дахийтархьама!
Ас гуттар а хин болу барт бийр бу шуьца,
Даудана лур ду аьлла долу тешаме диканаш лур ду шуна.
4 Хьовсал, Ас Цунах дуккха а халкъашна теш вира,
тхьамда а, куьйгалхо а вира царна.
5 Хьайна девзаш доцу халкъаш тIекхойкхур ду ахь,
хIинццалц царна хьо а ца девзара.
Уьш хьуна тIекхача сихлур бу,
хьан Везачу Делан, Исраилан халкъан Везачу Делан, дуьхьа,
хIунда аьлча Цо хьан сий лакхадаьккхина».
6 Лаха Веза Эла Иза каро мегачу хенахь.
Кхайкха Цуьнга, Иза уллохь волчу хенахь.
7 Iесачо шен некъ буьтийла,
ткъа къинош летийначо – шен ойланаш.
Везачу Элана тIевоьрзийла иза – Цо цунах къинхетам бийр бу –
Вайн Далла тIе, хIунда аьлча Цо комаьршаллица нахана гечдийр ду.
8 «Сан ойланаш шун ойланаш яц,
шун некъаш Сан некъаш дац, –
боху Везачу Эло. –
9 Стигалш лаьттал лекха ма-хиллара,
Сан некъаш а ду шун некъел лекха,
Сан ойланаш а ю шун ойланел лекха.
10 ‡‡†ДогIа а, ло а, стигалара охьа а догIий,
цара латта даша а дой,
цу тIехь хьаладолург кхуьуьйту,
ялта дIадуьйш волчунна хIу а,
юуш волчунна юург а хуьлуьйтуш.
ТIаккха бен уьш стигала юха ца доьрзу.
11 Иштта ду Сан багара схьадолу дош а –
иза даьсса юха ца доьрзу Суна тIе.
Цо Суна луург кхочушдо,

† 54:9 Доладалар 9:8-17. †† 54:11, 12 Довзийтинарг 21:18-21. ‡ 54:13 Яхьъя 6:45.

‡‡ 55:1 Довзийтинарг 21:6; 22:17. ‡‡ 55:3 Векалийн 13:34. ‡‡† 55:10 2 Коринтхошка 9:10.

Ас даийтина дош Іалашоне кхочу.
12 Делахь, шу самукъадаларца арадевр ду,
машарца новкъа а дохур ду.
Лаьмнаша а, гунаша а шуна хьалха эшарш
лоькхур ю,
аренашкарчу дитташа шайн тІараш деттар ду.
13 Коканийн метта, *зоьзан дитт* хьаладер ду.
КІохцалийн метта, миртан дитт хьалагІур ду.
И дерриг а хир ду Веза Эла дагаваийтарна а,
гуттаренна йолчу а, дІаер йоцучу а билгалонна
а».

### Массо а халкъашна долу кІелхьардовлар

56 Везачу Эло иштта боху: «Бакъдерг лар а де,
нийсо а лелае, хІунда аьлча Сан
кІелхьардахар гергакхаьчна, Сан нийсо кестта
гучуйоккхур ю. 2 Декъала ву Далла лерина шоьтан
де, иза сийсаз а ца доккхуш, лардеш верг а, шен
куьг муьлххачу а вочу балхах лардеш верг а.
Декъала ву иштта лелаш волу стаг а, иза
кхочушдан схьалаьцна адам а».
3 Везачу Элана тІаьхьахІоьттина волчу кхечу
къоман стага ма олийла: «Везачу Эло со билггал
Шен халкъах дІакъастор ву».
ВаьІна волчо а ма олийла: «Со дакъаделла дитт
бен дац». 4 Везачу Эло иштта боху: «Сан шоьтан
денош лоручу а, Суна лууш дерг хоржучу а, Соьца
бина барт ларбечу а баьІначарна 5 Сайн цІа чохь а,
цуьнан пенаш юккъехь а дагадоуьйтийла
дІахІоттор ю Аса, ткъа нехан кІентий а, мехкарий а
дуьнен чу бовлучул а дика хир ю иза. Абаденналц
йолу а, хедар йоцу а цІе лур ю Ас царна».
6 Везачу Элана гІуллакх дан а, Цуьнан цІе еза а,
Цуьнан ялхой хила а Цунна тІаьхьахІиттина болу,
шоьтан денош лардеш а, Соьца бина барт чІогІа
лоруш а болу кхечу къаьмнех берш 7 †буьгур бу Ас
Сайн безачу лам тІе. ДоІанаш дечу Сайн цІа чохь
хазахетар дийр ду Ас царна. СагІа доккхучу Сан
кхерча тІехь дохуш долу дийнаташ дагоран а,
кхидолу а церан сагІанаш тІеоьцур ду Ас, хІунда
аьлча Сан цІа доІанаш ден цІа олуш хир ду, массо а
къаьмнашна лерина долу.
8 ДІасабаьржина болу исраилхой схьагулбеш
волчу Хьалдолчу Эло боху: «Гулбинчарна тІе кхин а
гулбийр бу Ас».

### Исраилхойн тхьамданаш бехке бар

9 Аренан массо а акхарой, схьаюьйла! Хьуьнан
массо а акхарой, схьаюьйла, дІадаа! 10 Исраилхойн
хехой бІаьрзе а, хІумма а ца хууш а бу, уьш берриш
а мотт ца хуу жІаьлеш ду, лата а ца хууш, Іахка а
Іохкуш, гІенаш а гуш, набъяр а дезаш. 11 Уьш Іебар
доцу а, сутара а жІаьлеш ду. Уьш кхетам боцу Іуй
бу: массо а шен новкъа дІавирзина ву, хІора а шена
пайда лоьхуш ву. 12 «Схьадуьйла, – боху цара, – суна
чагІар карор ду! Маларца дехар ду вай! Кхана а
тахана хилларг хир ду, кхин сов а».

### ЦІушна Іамалъеш берш бехке бар

57 Делан лаамехь верг хІаллакьхуьлу, ткъа
цхьанна а дагах ца кхета иза. Далла тешаме
нах бахарна тІера дІабоху, амма цхьа а ца кхета –
Делан лаамехь верг дІакхолхуьйту, цунна зулам ца
хилийтархьама. 2 Нийсачу новкъахула лелларш
паргІатоне кхочур бу, царна синтем карор бу шайн
Іожаллин меттахь.
3 «Амма шу – тІедуьйла кхуза, зуда-бозбунчин
бераш, нахаца лелачу стеган а, кхахьпанан а хІу!
4 Шу хьанах кхаьрдаш ду? Хьанах доьлу шу, мотт
ара а бохуш? Зуламан бераш а, аьшпаш буьттучийн
тІаьхье а яц шу? 5 Нежнашна юкъахь а, хІора
луьстачу дитта кІелахь а цІушца боьзна болчу
хьарамчу лаамех дуьзна ду шу. Татолашна йистехь
а, тархашна кІелахь а берашна арсаш хьоьккхуш ду
шу. 6 Хьан дакъа татолийн шерачу тІулгаш юкъахь
ду. Уьш хьан кхаж бу. ЦІуш лоруш болчу оцу
тІулгашна чагІаран а, кІен а сагІанаш доху ахь.
Оцунна реза хуьлийла дуй Со? 7 Лекхачу а,
хьалабаьккхинчу а лам тІе хІоттабо ахь хьайн
маьнга, цига хьалайолу хьо сагІа даккха. 8 НеІарна
а, гурана а тІехьа хІиттайо ахь цІуйн билгалонаш.
Сох дІа а йоьрзий, ерзина а йолий, метта йолу хьо.
Хьайца дІабийшинчаьрца барт бо ахь цаьргара
мах баккха. Цаьрга а хьоьжуш, хьайн хьарамчу
лаамах там хуьлу хьуна. 9 Хаза хьожа йогІу хьакхар
а эцна, хьо *Мулка-цІунна* тІе йогІу. Ахь хьайн
хьакхарш алсамдоху. Хьайн геланчаш генна
дІабохуьйту ахь – ур-атталла эхарте кхаччалц уьш
буьссуьйтуш. 10 Бехха некъ барна, хьо кІадло, амма
ахь ца олу: „Дог дохийла а дац!“ Хьан гІора юха а
меттахІутту, цундела хьуна гІелъялар ца хаало.
11 Хьо хьанах кхераелла сел чІогІа, тешаме ца
хиллал а, Со, виц а вина, хьайн дага чохь ца виттал
а? Со вехха вист а ца хуьлуш Іерна, дуй те хьан Сох
цакхерар? 12 Ас хьан нийсо а, хьан гІуллакхаш а
дІагойтур ду хьуна – царах хьуна пайда бер бац.
13 Ахь, гІо доьхуш, орца даьккхича, хьан цІуйн
жІугано кІелхьарйоккхур юй те хьо? Уьш массо а
мохо дІахьур бу, хІоно дІасабохур бу. Ткъа Сох
тешначунна латта а кхочур ду, Сан беза лам цуьнан
дола а бер бу».

### Дог доьхначух къахетар

14 Везачу Эло элира: «Хьалаайина некъ богІа! Кеч
а бе, дІа а нисбе некъ. ДІаяккха Сан халкъана
хьалхара дуьхьало».
15 ХІунда аьлча иштта боху Лекхачо а,
Лакхаваьккхинчо а, абаденналц Вехаш Волчо а –
Везаниг ю Цуьнан цІе: «Со лекхачу а, езачу а
меттехь Іаш ву. Дог доьхнарш а, синца муьтІахь
берш а бу Соьца. Ас синца муьтІахь болчеран са
метта а далор ду, дог доьхначеран дог метта а

† 56:7 *Маттай 21:13; Марк 11:17; Лака 19:46.*

далор ду. [16] Со даим а хир вац шу бехке деш а, шуна
оьгIазъоьхуш а. Со иштта хилча, муьлхха а са Суна
хьалха гIеллур дара, Iаь а тухуш, Ас мел
кхоьллинарг лаьттар дацара. [17] Халкъан къилахь
йолу сутаралла бахьанехь, Со оьгIаз а оьхура,
цунна таIзар а дора Аса, Сайн юьхь къайла а
йоккхура, эргIад а вуьйлура, амма иза, Сох дIа а
дирзина, шен даго хаьржинчу новкъахула
дIадахара.
[18] Суна гина цуьнан некъаш, амма Ас тодийр ду
иза. Ас иза дIа а лелор ду, халкъах гIайгIа ечарна
синтем а бийр бу. [19] †Нехан баганашкахь Суна
лерина болу хастам кхуллур бу Ас. Уггар дика
машар лур бу Ас генарчарна а, уллорачарна а, –
боху Везачу Эло. – Ас тодийр ду халкъ. [20] Iеса нах
ловзабаьлла хIорд санна бу. И хIорд дIа ца тоь,
цуьнан хиша сазз а, хатт а аратуьйсу. [21] ††Iесачарна
машар хир бац», – боху сан Дала.

### Бакъдолчу марха кхабарх лаьцна

**58** Везачу Эло боху: «ЧIоггIа мохь хьакха, сеца
ма сеца. Хьайн аз айде, коьман маIах тардеш.
Сан халкъана цуьнан зуламаш а, Якъубан
тIаьхьенна цуьнан къинош а дIахаийта. [2] Цара
хIора дийнахь лоьху Со. Сан некъаш довза а лууш
долуш санна а, нийсонца лелаш долуш санна а,
шен Делан лаамаш дIа ца тосуш долуш санна а
долу халкъ ду иза. Цара нийсонца гIуллакх
къасторах хоьтту Соьга, Далла гергакхача лууш
санна а бу уьш».
[3] Наха хоьтту: «Оха *марха* кхобу, Хьуна хIунда ца
го иза? Тхо кIезиг хилар гойту оха, цуьнан тидам
хIунда ца бо Ахь?»
Везачу Эло боху цаьрга: «Шаьш марха кхобучу
дийнахь шайн лаам кхочушбо аш, кхечарна а хала
белхаш бар тIедуьллу. [4] Марха а кхобуш, аш
девнаш доху, эгIа а оьгIу, иштта буйнаш детташ
лета. Лакхахь шайн аз хазийтархьама, ца кхобу аш
цу хенахь марха. [5] Иштта дуй те Суна лууш долу
марха, стага шена ницкъ бен а, маргIало санна,
шен корта охьатаIабен а, шена кIел сингаттаман
бедарш а, чим а туьйсу де? Цунах олу ахь марха
долу а, Везачу Элана дезаш долу а де?
[6] ХIара ду Суна лууш долу марха: харцонан
гIоьмаш дIаяха, дезачу дуькъан машшаш дIадаста,
Iазапехь берш паргIатбаха, муьлхха а дукъ дохаде,
[7] ‡мецачуьнца хьайн бепиг декъа, бевлла лела
миска нах хьайн цIа чу бига, верзинчунна тIе бедар
юха, хьайн гергарчух дIа ма лачкъа.
[8] ТIаккха хьан серло, сахуьлучу хенахь санна,
гучуер ю, хьан товалар сихха хир ду, хьан нийсо
хьуна хьалхаяьлла дIагIур ю, Везачу Элан сийлалла
а тIаьхьадогIур ду хьуна. [9] Ахь кхайкхича, Везачу
Элана хезар ду, ахь орца даьккхича, Цо эр ду: „Со
кхузахь ву!“
Ахь хьо волчуьра Iазап латтор дIа а даккхахь,
пIелг айарца стаг бехкеван а, стаг сийсазвеш долу
къамел а сацадахь, [10] доллучу синца мецачунна яа
хIума а лахь, гIело ловш волчун дог а эцахь, тIаккха
хьан серло кхетар ю боданехь, хьан бода делкъе
санна хир бу. [11] Веза Эла гуттар а хьан тхьамда хир
ву. Цо, йокъа хIоьттича, хьуна оьшург латтор ду,
хьан даьIахкаш чIагIйийр ю, тIаккха хьо хих
Iабийна беш санна а, цкъа а хи ца кхачош долу
хьоста санна а хир ву. [12] Хьан халкъо
юхаметтахIиттор ю шира херцораш, юха а
дIахIиттор ду дуккха а тIаьхьенаша дитина цIенойн
баххаш. Хьох пенаш тодеш верг а, херцийна
урамаш, цигахь Iархьама, юхаметтахIиттош верг а
эр ду».

### Шоьтан де лардарна совгIатдар

[13] «Нагахь шоьтан дийнан дуьхьа, хьайна дан
тамехь хета гIуллакхаш а ца деш, Сан дезачу
дийнахь куьг-ког ахь лардахь, шоьтан дийнах зовкх
хьоьгу а, Везачу Элан деза а де ахь алахь, иза
лоруш, цу дийнахь гуттара а айхьа деш долу
гIуллакхаш а ца деш, хьайна тамехь дерг а ца
лоьхуш, эрна хабарш а ца дуьйцуш, хьо хилахь,
[14] хьуна Везачу Элаца хиларан хазахетар карор ду.
Ас хьо лаьттан лакхенашка хьалавоккхур ву,
Якъубана, хьан дена кхаьчна болчу махке зовкх
хьоьгуьйтур ду». Хаа ду шуна, Везачу Эло аьлла ду
иза.

### Къинош леторна халкъ бехкедар

**59** Хьажал, Везачу Элан куьг шу кIелхьар ца
даххал доца дац. Цуьнан лерг шу ца хаззал
къевлина дац. [2] Амма шун харцонаша шуна а, шун
Далла а юккъе херо ялийтина. Аша летийначу
къиноша Цуьнан юьхь шуьгахьара дIаерзийтина,
ткъа цу бахьаненна Цунна шу ца хеза! [3] ХIунда
аьлча шун куьйгаш цIийно бехдина ду, шун
пIелгаш – къиноша. Шун баганаша харцдерг
дуьйцу, шун матто зуламениг дуьйцу.
[4] Бакъдолчуьнгахьа цхьаммо а аз ца айдо,
нийсонца гIуллакх цхьаммо а ца къастадо.
Даьссачу дешнех а доьзна, цара харцдерг дуьйцу,
зуламе хIума дола а дой, бохам боккху. [5] Лаьхьанан
хIоаш тевна дохкий а Iа, маша а бузу цара. Церан
хIоаш диънарг лийр ву, нагахь уьш дохадахь,
царна чуьра лаьхьа арабер бу. [6] Церан бедаршна
маша пайденна бац, шаьш динарг тIедухалур дац
цаьрга. Церан гIуллакхаш харцонан гIуллакхаш ду,
ницкъбар ду цара лелош дерг. [7] ‡†Зуламна тIебовду
церан когаш, бехк боцучун цIий Iано сихло уьш.
Iеса ю церан ойланаш, дохор а, хIаллакьхилар а ду
церан некъаш тIехь. [8] Машаран некъ царна ца
бевза, нийсо яц уьш лелачохь. Церан некъаш
ситтина ду, царна тIехула воьдучунна цхьанна а
машар ца бевза.

† *57:19 Эпасхошка 2:17.* †† *57:21 ЕшаI-ЯхIу 48:22.* ‡ *58:7 Маттай 25:34.*

‡† *59:7, 8 Римхошка 3:15-17.*

### Халкъо шен къинойх даре дар

9 Цундела нийса кхел яр ду вайна генахь, нийсо
вайна тIе ца кхочу. Вай серлоне сатуьйсу, амма
бода тIебогIу, сирлачу къагаре хьоьжу, амма
Iаьржачу боданехь лела. 10 БIаьрзенаш санна, пен а
лоьцуш, бIаьргаш доцуш санна, мича доьлху а ца
хууш лела вай. Дийнан делкъехь тийсало,
маьркIажхан йолуш санна. Ондачарна юкъахь,
делларш санна ду вай. 11 Черчий санна, Iоьху вай,
кхокхарчаша санна, узарш до. Нийса кхел яре
хьоьжу вай, амма иза яц, кIелхьардовларе
сатуьйсу, амма иза вайна генахь ду.
12 ХIунда аьлча Хьуна хьалха тхан зуламаш дукха
ду, тхан къиноша тхуна дуьхьал тоьшалла до. Оха
дина зуламаш тхоьца ду, тхайн харцонаш тхуна
евза. 13 Веза Эла волчу Хьуна дуьхьал а девлла, Хьо
Iехийра оха. Тхайн Делах дIадирзира тхо.
Ницкъбарх а, аьрхаллах а лаьцна дуьйцу оха.
Тхайн дегнашкахь кхоьллина харц дешнаш
арадовлуьйту оха. 14 Бакъдерг лелор юхатеттина ду,
ткъа нийсо генахь лаьтташ ю, хIунда аьлча
билггала дерг урамашкахь тасаделира, ткъа
хьаналла чу ца ян елира. 15 Билггала дерг цхьанхьа
а карош дац, ткъа зуламна гена ваьллачунна бохам
хуьлу.

### Везачу Эло Шен халкъ кIелхьардаккха кечдо

Везачу Элана гира иза, ткъа Цунна тамехь дацара
нийсо цахилар. 16 †Цунна гира цхьа а цахилар, Иза
цецвелира гIо доккхуш цхьа а цахиларх. Цуьнан
Шен куьйго болх бира уьш кIелхьарбохуш, Цуьнан
нийсоно гIо дора Цунна. 17 ††Цо Шена тIе, гIагI
санна, бакъдерг диллира, Шен коьрта тIе
кIелхьардаккхаран *гIем* а тиллира, бекхаман оба,
бедар санна, тIеоьллира, дог иракарахIотторца
Шен дегI хьулдира. 18 Цара динчуьнга хьаьжжина,
Цо Шена дуьхьалбевллачарна дералла гойтур ю,
мостагIашна бекхам бийр бу, хIордан йистерчу
халкъашна а царна доггIург дIалур ду.
19 Малхбузехь Везачу Элан цIарах нах кхералур бу,
ткъа малхбалехь – Цуьнан сийлаллех. Сиха догIу хи
санна, схьавогIур ву Иза, Везачу Элан хIоно
дIаэккхош волу.
20 ‡«Цийонна а, зулам лелорна тIера дIайирзинчу
Якъубан тIаьхьенах болчарна а ПаргIатбохург
вогIур ву, – боху Везачу Эло. – 21 Сох лаьцна аьлча,
цаьрца болу Сан барт хIара бу, – боху Везачу Эло. –
Сан Са а, хьуна тIехь долу, Сан дешнаш а, Ас хьан
бага дехкина долу, хьан багара а, хьан берийн а,
церан тIаьхьенийн а багара хIинца дуьйна
абаденналц дIадевр дац», – боху Везачу Эло.

† 59:16 *ЕшаI-ЯхIу 63:5.* †† 59:17 *Эпасхошка 6:14, 17; 1 Тассалникахошка 5:8.* ‡ 59:20 *Римхошка 11:26.*

### Ярушалайман хинйолу сийлалла

60 «ГIаттахьа, серлаялахьа, Ярушалайм, хьан
серло схьа ма еана,
Везачу Элан сийлалла хьуна тIехула хьала ма
яьлла!
2 Хьажал, бодано латта дIахьулдийр ду,
халкъаш а Iаьржачу боданна кIел гIур ду,
амма хьуна тIехула Веза Эла садаржаран
серлонехь гIоттур ву,
Цуьнан сийлалла хир ю хьуна тIехь.
3 Хьан серлонна тIе халкъаш догIур ду,
паччахьаш – хьан садаржаран сирлаллина тIе.
4 Хьайн корта хьала а айий, гонах хьажа:
уьш массо а, гул а белла, хьуна тIебогIуш бу.
Хьан кIентий генара схьабогIуш бу,
карахь хьан мехкарий а бахьаш.
5 ТIаккха, хьайна иза гича, хазахетар ду хьуна,
хьан дог, тохаделла, шорлур ду.
ХIордан хьал хьан карадогIур ду,
халкъийн долахь дерг хьуна тIе доьрзур ду.
6 Эмкалийн ковранаша дIалоцур ду хьан латта,
къона эмкалш хир ю Маданера а, Iейпера а
яьхкина.
Уьш ерриш а Шеба-махкара, деши а, хаза хьожа
йогIу хьакхарш а дахьаш, йогIур ю.
Везачу Элан сийлахь гIуллакхаш кхайкхор ду
схьабаьхкинчу наха.
7 Къедархойн дерриге а жаш хьо йолчохь
схьагулдийр ду,
набуятихойн коьмаша хьан гIуллакх дийр ду.
СагIа доккху Сан кхерча тIехь тамехь долу сагIа
хир ду царах,
иштта Сайн исбаьхьаллин цIийнан сийдийр ду Ас.
8 Мархаш санна а, шайн баннаш
тIе доьлху кхокхарчий санна а,
тIемаяьлла йоьдург хIун ю?
9 Иштта, Соьга хьоьжуш хIордан йистера халкъаш
ду,
ткъа царал хьалха Таршашан хIордкеманаш ду,
генара шун кIентий цIа балош догIуш долу.
Цара дахьаш дети а, деши а ду
Везачу Элан, хьан Делан,
Исраилан халкъан Везачу Делан дуьхьа,
хIунда аьлча Цо хьан сий айина.
10 Кхечу мехкашкарчу наха хьан пенаш дуттур ду,
церан паччахьаша хьуна гIуллакх дийр ду.
Со оьгIазвахча, Ас таIзар дора хьуна,
амма хIинца Сайн дикаллица
хьоьца къинхетаме хир ву Со.
11 ‡†Хьан кевнаш гуттар а диллина хир ду,
уьш дийнахь а, буса а дIакъовлур дац,
халкъийн хьал хьуна чудаийта а,
церан паччахьаш схьабалабайта а.
12 Ткъа хьуна гIуллакх ца до
пачхьалкхаш а, халкъаш а
чекхдовллалц хIаллакдийр ду.

‡† 60:11 *Довзийтинарг 21:25, 26.*

13 Ливанун-махкара сийлахь дитташ –
зоьзан а, базанан а, баганан а цхьаьний –
хьуна схьадахьар ду.
Цаьрца хаздийр ду Сан деза цIа,
тIаккха Ас сийдийр ду Сайн когийн меттиган.
14 †Хьуна гIело йиначеран кIентий,
муьтIахь хиларца хьо йолчу а баьхкина,
хьан когашка охьаоьгур бу.
Хьох ца бешаш хиллачара
хьох эр ду Везачу Элан гIала а,
Исраилан халкъан Везачу Делан Цийон а.
15 Хьо дIатесна а, ца езаш а,
цхьа а хьуна чухула чекх а ца волуш хиларан метта,
Ас йийр ю хьох гуттаренна а исбаьхьалла а,
тIаьхьенашкара тIаьхьенашка хазахетар а долу гIала.
16 Халкъаша а, паччахьаша а юзор ю хьо,
нанас дакхош долу бер санна.
Хьуна хуур ду Веза Эла волу Со, хьо КIелхьарйоккхург а,
хьо мах баларца ПаргIатйоккхург а, Якъубан Нуьцкъалниг а вуйла.
17 ЦIастанан метта, Ас деши дахьар ду хьуна,
эчиган метта, дети а, дечиган метта, цIаста а,
тIулгийн метта, эчиг а дахьар ду.
Машар хир бу хьан куьйгалхо,
нийсо хир ю хьан тIехьожург.
18 Ницкъбар кхин хир дац хьан лаьтта тIехь,
дохор а, хIаллакдар а – хьан дозанашкахь.
Хьайн пенех ахь КIелхьарвалар эр ду,
ткъа хьайн кевнах – Хастам.
19 ††Хьуна дийнахь серло луш малх а кхин хир бац,
батто буьйсанна шен нур а лепор дац,
хIунда аьлча Веза Эла хир ву хьуна гуттар а серло луш,
хьан Дела хир ву хьуна исбаьхьалла хилла лаьтташ.
20 Хьан малх цкъа а дIабузур бац,
бутт кхин къайлла а бер бац,
хIунда аьлча Веза Эла хир ву хьуна гуттар а серло луш.
Хьан баланийн денош чекхдевр ду.
21 Дерриг а хьан халкъ, нийсонца а лелаш,
абаденналц лаьттан дола деш хир ду.
И халкъ Ас доьгIна синтар ду,
Сан куьйгийн болх бу,
Сан исбаьхьалла хьалаяккха кхоьллина ду.
22 КIезигчух эзар адам схьадер ду,
уггар гIийлачух – онда халкъ.
Со ву Веза Эла.
Шен хеннахь Ас сихдийр ду иза хилийта».

## КIелхьардовларх болу хаза кхаъ

61 ‡Хьалдолчу Элан Са дагца ду Сан,
хIунда аьлча Везачу Эло Со къобалвина
мискачарна *хаза кхаъ* кхайкхо.
Цо хьажийна Со дог доьхначарна дарба дан,
йийсархошна паргIатдовлар кхайкхо,
тутмакхаш набахтера арабаха,
2 ‡†Везачу Эло диканца леладо шо а,
вайн Делан бекхаман де а кхайкхо,
гIайгIанехь мел болчеран догъэца,
3 Цийонехь гIайгIа ечарна хазахетар тилла –
чиман метта, царна *таж* лур ду,
белхаран метта, самукъадалар лур ду,
эшначу синан метта – хастаман духар.
Царах эр ду нийсонан нежнаш,
Шен исбаьхьалла дIагайтархьама,
Везачу Эло доьгIна долу.
4 Цара шира херцораш юхаметтахIиттор ю,
тоххара дуьйна йохийна меттигаш тойийр ю.
Дукккха а тIаьхьенашкара дуьйна яссийна
лаьтташ йолу гIаланаш карлайохур ю цара.
5 Кхечу мехкашкарчу наха шун жаш дажор ду.
Хийра нах хир бу шун латта лелош а, кемсаш кхиош а.
6 Ткъа шух Везачу Элан динан дай эр ду,
вайн Далла гIуллакх деш берш аьлла, цIе йоккхур ю.
Халкъийн хьоло кхобур ду шу,
церан дозаллех аш куралла йийр ю.
7 Шун юьхьIаьржачу хIоттаран метта
лаьттан шозза дакъа лур ду шуна.
Шу сийсаздахаран метта
шайга кхаьчначух даккхийдеш хир ду шу.
Иштта, шун махкахь шозза дакъа лур ду шуна,
гуттаренна а долу хазахетар хир ду шун.
8 «ХIунда аьлча Суна, Везачу Элана, нийса кхелъяр деза,
ницкъбарца долу талор ца деза.
Тешаме а волуш, Ас совгIат лур ду царна,
гуттаренна болу барт а бийр бу цаьрца.
9 Царах схьабевлларш къаьмнашна юкъахь бевзаш хир бу,
ткъа церан тIаьхье халкъашна юкъахь евзаш хир ю.
Уьш мел гуш болчарна хуур ду,
Везачу Эло декъалдина халкъ иза дуйла».
10 ‡‡Сайн Везачу Элах йоккхаеш хир ю со,
сан са хир ду сайн Делах доккхадеш.
Цо кIелхьардаккхаран бедарш юьйхина суна тIе,
Цо нийсонан оба суна тIе хьулйина,
зудаялочо динан дайн чалба коьрта тIе тиллича санна а,
нускало жовхIаршца ша хазъян санна а.
11 Лаьтто шен ялта кхиоре терра а,
бешо стоьмаш хьалабахаре терра а,
Везачу Эло нийсо кхуьуьйтур а ю,
массо а халкъашна хьалха
Шена хастамаш бойтур а бу.
62 Цийонан дуьхьа дIасоцур вац со,
Ярушалайман дуьхьа тийна Iийр вац,

† 60:14 Довзийтинарг 3:9. †† 60:19 Довзийтинарг 21:23; 22:5. ‡ 61:1, 2 Лака 4:18, 19.

‡† 61:2 Маттай 5:4. ‡‡ 61:10 Довзийтинарг 21:2.

цуьнан нийсо, Iуьйренан серло санна, гIатталц,
цуьнан кIелхьаръялар, хаьштиг санна,
серлаяллалц.
2 Халкъашна хьан нийсо гур ю,
массо а паччахьашна – хьан сийлалла.
Хьуна керла цIе туьллур ю,
Везачу Элан багара схьаер ю и цIе.
3 Везачу Элан карахь сийлаллин *таж* хир ду хьо,
хьайн Делан кераюккъехь паччахьийн чалба хир
ю.
4 Кхин эр дац хьох «Йитинарг»,
я хьан лаьттах кхин эр дац «ДIатесна дерг».
Хьан цIе хир ю «Дала цунах зовкх хьоьгу»,
ткъа хьан лаьттах «Долахь дерг» эр ду,
Везачу Эло хьох зовкх хьоьгур долу дела,
хьан лаьттан Цо дола дийр долу дела.
5 Жимачу стага йоIстаг ма-яллора,
хьан кIенташа хьан дола дийр ду.
Зудаялош верг шен нускалх воккхавеш ма-
хиллара,
иштта хьан Дела а хьох воккхавеш хир ву.
6 Хьан пенаш тIехь хехой хIиттор бу Ас,
Ярушалайм.
Уьш дийнахь а, буса а тийна хир бац.
Шу, Везачу Эле кхойкхуш дерш,
дист а ца хуьлуш ма Iелаш.
7 Цуьнга са ма даIийта, Цо Ярушалайм
юхаметтахIоттаяллалц,
цунах Цо дуьненан сийлалла яллалц.
8 Везачу Эло чIагIо йина
Шен аьтту куьйгах а, Шен нуьцкъалчу пхьаьрсах
а:
«Хьан ялта кхин лур дац Ас хьан мостагIашна
кхачанна,
кхечу къаьмнийн наха хьан чагIар а мер дац,
ахь шена тIехь болх бина долу.
9 Кемсаш кхиочара юур ю уьш,
Везачу Элана хастам бийр бу цара.
Кемсаш лахьочара мер ду чагIар
Сан дезачу цIийнан керташкахь».
10 Схьадуьйла, кевнах чекхдовла!
Халкъана некъ кечбе!
Хьалаайина бе и некъ!
Оьшуш доцу тIулгаш дIадаха!
Хьалаайа байракх къаьмнашна!
11 [†]Везачу Эло кхайкхадо дуьненан йистошка
кхаччалц:
«ДIаала Цийонан йоIе:
„Хьажал, хьо КIелхьарйоккхург ву вогIуш!
Хьажал, хьо КIелхьарйоккхург ву вогIуш!
Цуьнан совгIат а Цуьнца ду,
Цуьнан ял а Цунна хьалха йогIуш ю“».
12 «Везачу Эло паргIатдаьккхина, деза халкъ» эр ду
царах,
ткъа хьох «Лехна йолу а, дIатесна йоцу а гIала» эр
ду.

† *62:11 ЕшаI-ЯхIу 40:10; Довзийтинарг 22:12.*

### Бекхаман де

63 [††]И Эдомера вогIург мила ву? Мила ву иза,
цIен оба а юьйхина, Бацарера вогIург? Мила
ву иза сел сийлахь верг оцу Шен духарца, берриг а
Шен ницкъаца сел онда верг?
«Со ву иза, нийсонца олуш верг, адамаш
кIелхьардаха нуьцкъала а волуш».
2 Хьан бедарш цIен хIунда ю, муттдоккхургахь
кемсаш хьешначийн санна?
3 [‡]«Со цхьаъ бен вацара кемсаш хьуьйчохь,
халкъашна юкъара цхьа а вацара Соьца. Ас Сайн
оьгIазаллица хьийшира уьш, Сайн дераллица
этира уьш. Церан цIий Сан обанна тIе детталора,
иштта Сайн бедар бехйина Ас. 4 Бекхаман де Сан
даг чохь дара, Ас чIир екхаран шо тIекхаьчна. 5 [‡†]Со
хьийжира, амма гIоьнча вацара. Со цецвелира, гIо
лоцуш стаг ца хиларна. Амма Сан куьйго гIо дира
Суна, Сан дерално Суна накъосталла дира. 6 Сайн
оьгIазаллица Ас къаьмнаш хьаьшира. Сайн
дераллица уьш даха а дина, церан цIий лаьтта
охьадоьттира Ас».

### Дела Исраилан халкъаца дика хилар

7 Ас хьахор ду Везачу Элан безаме гIуллакхаш а,
Цунна хастам бан хьакъ долу гIуллакхаш а.
Тхоьца Ша къинхетаме хиларна а,
Шен хедар боцу безам боккха хиларна а,
Везачу Эло тхуна мел динарг хьахор ду ас,
Исраилан халкъана Цо мел дина диканиг а.
8 Цо элира: «Иза Сан халкъ ду, мекарлонца лелар
доцу бераш ду уьш». ТIаккха Иза церан
КIелхьардоккхург хилира. 9 Цара мел хьегначу
баланашкахь, Цо а бала хьегна. Цуьнан уллорачу
малико кIелхьарбаьхна уьш. Шен безамца а,
къинхетамца а Цо паргIатбаьхна уьш. Цо, схьа а
эцна, дерриге а ширачу заманашкахь лелийна
уьш. 10 Амма цара, дуьхьал а бевлла, халахетар
дира Цуьнан Дезачу Синна. Цундела Цунах церан
мостагIа хилира: Иза Ша цаьрца тIом беш дара.
11 ТIаккха Цуьнан къомана Муса а, цуьнца болу
нах а баьхна хьалхалера денош дагадаьхкира:
«Мичахь ву Шен уьстагIий Iуйшца хIордах
дехьадаьхнарг? Мичахь ву Мусана чу Шен Деза Са
диллинарг? 12 [‡‡]Мичахь ву Мусана аьтту куьйгахь
хила Шен исбаьхьа а, нуьцкъала а куьг
дахийтинарг, халкъана хьалха хи дIасадекънарг,
абаденналц Шен цIе гIараяккхархьама? 13 Мичахь
ву уьш Iаннашкахула дIабигнарг?»
Шерачу арахула дIаюьгу говр санна бара уьш,
тийса а ца луш, дIабоьлхуш. 14 ТогIи чу буссу бажа
санна, Везачу Элан Сино садаIа буьгуш бара уьш.
Иштта Хьайн халкъ дIадуьгура Ахь, Хьайн сийлахь
цIе гIараяккхархьама.

†† *63:1-6 ЕшаI-ЯхIу 34:5-17; Ярми-ЯхIу 49:7-22; Яхьазкхиал 25:12-14; 35:1-15; Iамос 1:11, 12; Iабди-ЯхIу 1:1-14; Малъаки 1:2-5.*
‡ *63:3 а: Довзийтинарг 14:20; 19:15; б: Довзийтинарг 19:13.*
‡† *63:5 ЕшаI-ЯхIу 59:16.* ‡‡ *63:12 Арадаккхар 14:21.*

### Къинхетам бар а, гIо дар а доьхуш долу доIа

15 Стигалара охьахьажахьа, Хьайн деза а,
сийлаллин а долчу цIа чуьра схьахьажахьа: Хьан
леррина хилар а, ницкъ а мичахь бу? Хьан боккха
гIайгIа а, ницкъ а мичахь бу? Хьан эсалалла а,
тхоьга болу къинхетам а сецна бу. 16 Хьо-м тхан Да
ву, ИбрахIимна тхо ца довзахь а, Исраилан халкъо
тхо къобал ца дахь а. Хьо ву, Веза Эла, тхан Да,
тоххара дуьйна а Хьан цIе «Тхан ПаргIатдохург» ю.
17 Хьайн некъаш тIера тхо гал хIунда довлийтира
Ахь, Веза Эла? Хьайна хьалха ларамах дуьзна ца
хиллал чIогIа тхан дегнаш чIагI хIунда далийтира?
Юхаверзахьа тхо долчу Хьайн ялхойн дуьхьа –
Хьайн долахь долчу къоман тайпанийн дуьхьа.
18 КIеззигчу хенахь бен Хьан халкъан долахь ца
хилира Хьан еза меттиг. Ткъа хIинца тхан
мостагIаша хьаьшира Хьан деза цIа. 19 Ахь тхан
дола цкъа а ца дича санна, Хьан цIе тхоьца ца
йоьзча санна хилла дIахIиттира тхо.

64 Стигалш а этIийна, хьо чувоссахьара!
Лаьмнаш дегор дара Хьуна хьалха. 2 ЧIешах
цIе латийча санна а, цIеро хи кхехкийча санна а,
Хьан мостагIашна Хьан цIе йовзийта, Хьуна хьалха
къаьмнаш дегадайта! 3 Тхо хьоьжуш доцу а,
ларамах дузуьйтуш долу а гIуллакхаш Ахь дича,
Хьо чу а воьссира, лаьмнаш Хьуна хьалха дега а
дира. 4 †Азалера дуьйна лергана а ца хезнера,
цхьанна хаа ца велира, бIаьргана а ца гинера кхин
Дела, Хьо воцург, Шега хьоьжуш болчеран дуьхьа
леладеш волу. 5 Самукъадаларца бакъдерг
кхочушдеш волчунна а, Хьан некъаш дагахь
латтош волчунна а гIо дан вогIу Хьо. Амма Хьо
оьгIазвахара тхуна, хIунда аьлча тхо дукха хенахь
дуьйна къинош летош дара. Тхо кIелхьар муха
девр ду? 6 Далла хьалха тхо дерриш а бехвелла стаг
санна хилла дIахIиттина, оха мел дина бакъахьара
гIуллакхаш дегаза горгамаш санна ду. Тхо массо а,
гIа санна, маргIалдулу, тхан къиноша, мохо санна,
дIахьо тхо. 7 ДоIанехь Хьоьга кхойкхуш я Хьох
катоха гIерташ цхьа а вац. Цундела Хьайн юьхь
тхох къайлаяьккхина Ахь, тхайн къинош бахьанехь
тхо хIаллакьхила а дуьтуш.
8 Амма, Веза Эла, Хьо тхан Да ву. Тхо поппар бу,
ткъа Хьо куьпчи ву – тхо массо а Ахь кхоьллина ду.
9 Веза Эла, ма гIохьа оьгIаз барам боцуш,
абаденналц тхан къинош дагахь а ма латтадехьа.
Схьахьажахьа: тхо массо а Хьан халкъ ма ду. 10 Хьан
езачу гIаланех яьсса аре хилла. Цийонах яьсса аре
хилла, Ярушалайм яссаелла. 11 ЦIергахь дагийна ду
тхо долчохь хилла *Делан цIа*, тхан дайша шена
чохь Хьо хестийна а, деза а, исбаьхьа а долу. Оха
лерина а, езна а ерриг а меттигаш хIинца йохийна
Iохкуш ю. 12 Веза Эла, и дерриг а хиллачул тIаьхьа а
IадIийр ву Хьо? Вист ца хуьлуш а, тхуна барам
боцуш таIзар деш а хир ву Хьо?

† *64:4 1 Коринтхошка 2:9.*

### Дала къарцалучарна таIзар дар

65 ††«Сох лаьцна ца хьоттучарна Со вовзийтина
Аса, Со ца лехначарна Со карийна. Сайн
цIаре доIанца кхойкхуш доцчу халкъе: „Со кхузахь
ву! Хьуна гIо дан кийча ву!“ – баьхна Ас. 2 ‡Дийнахь
сарралц Сайн куьйгаш вочу новкъахула шайн
лаамашца леллачу къар ца лучу халкъе а
кховдийна, Iийна Со. 3 Даим цу халкъо юьхь-
дуьхьал сийсазво Со, езачу бошмашкахь сагIанаш
а дохуш, кибарчигех кечйиначу меттигашна тIехь
*хаза хьожа йогIу хIума* а ягош, 4 къуббанаш юкъахь
а Iаш, къайлахчу меттигашкахь буьйсанаш а
йохуш. Цара хьакхин жижиг а доу, хьарамчу
кхачанах йина чорпа а ю церан еш чохь. 5 Цара
боху кхечаьрга: „Совца, суна тIе ма дуьйла, со дукха
веза ву шуна хьалха!“ Уьш Ас хьожа йоккхуш болу
кIур бу, дерриг а дийнахь йогуш йолу цIе ю.
6 ХIара ду Суна хьалха яздина дерг: „Со вист ца
хуьлуш Iийр вац, Ас бекхам бийр бу. Ас дIалур ду
царна 7 цара а, церан дайша а летийнчу къиношна
доггIуш дерг, – боху Везачу Эло. – Цара лаьмнаш
тIехь хаза хьожа йогIу хIума ягайора, гунаш тIехь
Со сийсазвохура. Цара хьалха лелийначу
гIуллакхашна доггIург Ас токхур ду царна“».
8 Иштта боху Везачу Эло: «Кемсийн хорханехь
мутта долчу хенахь олу: „Йоха ма е иза, цхьадолу
диканиг цунна чохь хила мега дела“. Изза дийр ду
Ас Сайн ялхойн дуьхьа, массо а хIаллак ца
вархьама. 9 Якъубах Ас тIаьхье хуьлуьйтур ю,
ЯхIудан тайпанах Сан лаьмнаш кхочунверг
схьаволуьйтур ву Ас. Ас хаьржинчеран долахь хир
бу уьш, Сан ялхой Iийр бу цигахь. 10 ‡†Суна уллохь
хилар лоьхуш долчу Сан халкъан дуьхьа уьстагIийн
дежийла хир ю Шарон-аре, ткъа бежано садоIу
меттиг хир ю Iахур-тогIи.
11 Ткъа шу, Со дIа а тесна, Сан беза лам биц а
бина, Гада-цIунна ‡‡ кхача кечбеш дерш а, Мени-
цIунна ‡‡† чагIаран кад луш дерш а, 12 Ас туьра кIел
дохуьйтур ду. Шу массо а дойур ду, хIунда аьлча Ас
кхайкхича, аша жоп ца делира, Ас къамел дича,
аша ла ца дуьйгIира. Суна зуламе хеташ дерг а
деш, Суна цадезарг хоржуш а дара шу». 13 Цундела
иштта боху Хьалдолчу Эло: «Сан ялхоша юур ю,
ткъа шу меца Iийр ду, Сан ялхоша мер ду, ткъа шу
хьогах хир ду, 14 Сан ялхой самукъадоккхуш хир бу,
ткъа шу эхьехь хир ду, Сан ялхоша эшарш лоькхур
ю, дегнаш чохь хазахетар хиларна, ткъа аша
маьхьарий хьоькхур ду, дегнаш чохь сингаттам
хиларна, шу доьлхур ду, синош эшна хиларна. 15 Аш
йитина хир йолу цIе неIалт кхайкхош долчу хенахь
лелош хир ю Ас хаьржинчу халкъо. Хьалдолчу Эло
хIаллакдийр ду шу, ткъа Шен ялхошна кхин цIе
туьллур ю Цо. 16 Лаьтта тIехь шена декъалвар
доьхуш волчо бакъдолчун Дала ша декъалвар

†† *65:1 Римхошка 10:20.* ‡ *65:2 Римхошка 10:21.* ‡† *65:10 ЮшаI 7:24-26.* ‡‡ Гада *– иза аьттонан харцдела ву.* ‡‡† Мени *– иза кхолламан харцдела ву.*

доьхур ду. Лаьтта тIехь дуй бууш волчо а
бакъдолчун Делах дуй буур бу, хIунда аьлча
хьалхалера сингаттамаш бицбина а, Сан
бIаьргашна хьалхара къайлабаьхна а хир бу».

### Керла кхоьллинарг

17 †«Хьажал! Ас керла стигал а, керла латта а ду
кхуллуш, ткъа хьалхалернаш дага а догIур дац, даг
тIехь а хир дац. 18 Ас кхуллуш долчух
самукъадаьлла а, даккхийдеш а хир ду шу гуттар а,
хIунда аьлча Ас кхуллуш йолу Ярушалаймах
самукъадалар а хир ду, цуьнан халкъах хазахетар а
хир ду. 19 ††Ярушалаймах хазахеташ а, цуьнан
халкъах самукъадаьлла а хир ву Со. Цу гIали чохь
кхин хезар дац белхар а, тийжам а. 20 Цу чохь
цхьадолчу деношкахь бен ца даьхна аганара бер
хир дац, иштта шен денош кхачдалаза воккха стаг
а хир вац. БIе шо кхаьчна стаг велча, иза жима стаг
ву моьттур ду. БIе шо кхаьчна къинош летийнарг
веллехьара, цунна неIалт кхайкхийна моьттур
дара. 21 Уьш, цIенош а деш, царна чохь Iийр бу,
кемсийн бошмаш а югIуш, церан стоьмаш вууш
хир бу. 22 Цара кхечарна чохь Iан цIенош а дийр
дац, кхечара царна тIера кемсаш яа кемсийн
бошмаш а югIур яц. Сан халкъан денош, диттан
денош санна, хир ду. Ас хаьржинчара еххачу
хенахь шайн куьйгашца динчух пайда оьцур бу.
23 Цара эрна къа а хьоьгур дац, шайна баланна
бераш а дийр дац, хIунда аьлча уьш а, цаьрца
цхьаьна церан тIаьхьенаш а Везачу Эло
декъалдина халкъ хир ду. 24 Цара кхайкхале, Ас жоп
лур ду. Уьш къамел деш хир бу, ткъа Суна хIинцале
хезар ду. 25 ‡Борз а, Iахар а цхьаьна бежаш хир бу,
лоьмо, старо санна, докъар дуур ду, ткъа
лаьхьанна кхача латта хир ду. Цара зен а дийр дац,
бохам а бийр бац берриг а Сан безачу лам тIехь», –
боху Везачу Эло.

### Къаьмнашна тIехь Везачу Эло кхелъяр

66 ‡†Везачу Эло иштта боху: «Стигал Сан *Iарш* ю,
ткъа латта Сан когийн кIело ю. Аша мичахь
дийр ду Суна цIа? Сан садоIу меттиг а мичахь хир
ю? 2 И дерриг а Сан куьйго кхоьллина дац? И
дерриг а иштта хилла дIахIоьттина дацара? – боху
Везачу Эло. – Ша кIезиг хетачуьнга а, дог доьхна
волчуьнга а, Сан дашна вегавеш волчуьнга а Сан
ларам бу.
3 Амма сту сагIина буьйш верг Суна хьалха адам
дуьйш верг санна ву. СагIина Iахар боккхуш верг
жIаьлин ворта кагъеш верг санна ву. КIен сагIа
доккхуш верг хьакхин цIий сагIина даьккхинарг
санна ву. *Хаза хьожа йогIу хIума* ягош верг цIунна
Iибадат дийриг санна ву. Шайн некъаш а
хаьржина, шаьш лелочу дегазчу гIуллакхех царна
там хиларе терра, 4 Со а хир ву цаьрца шога. Уьш

† 65:17 ЕшаI-ЯхIу 66:22; 2 Кипин 3:13; Довзийтинарг 21:1.
†† 65:19 Довзийтинарг 21:4. ‡ 65:25 ЕшаI-ЯхIу 11:6-9. ‡†
66:1, 2 Векалийн 7:49, 50.

кхоьруш дерг доуьйтур ду Ас царна тIе, хIунда
аьлча Со кхайкхира, амма жоп луш стаг вацара, Ас
къамел дира, амма цхьаммо а ла ца дуьйгIира.
Цара Суна хьалха зуламениг дора, Суна цадезарг а
хоржура».
5 Везачу Элан даше ладогIа, Цуьнан дашах бегош
берш: «Сан цIе бахьана долуш, шу ца дезачу а,
дIалоьхкучу а шун вежарша боху: „Везачу Эло Шен
сийлалла гойтийла, тIаккха тхо хьовсур ду шун
самукъадаларе“. Амма уьш юьхьIаьржачу хIуьттур
бу. 6 ЛадогIа! ГIалара схьахезаш гIовгIа ю, *Делан цIа*
чуьра аз ду хезаш. Иза Шен мостагIашна бекхам
беш волчу Везачу Элан аз ду.
7 ‡‡Беро хьийза а яле, зудчо бер дина, цунна
лазарш а хилале, цо кIант вина. 8 Хьанна хезна
иштта ниг? Хьанна гина иштта ниг? Цхьана дийнахь
пачхьалкх кхоллаеллий? Цхьана сахьтехь къам
кхолладеллий? Амма лазарша хьийзо йолаялале,
Цийоно шен кIентий бина. 9 Бер дуьнен тIе долу
хан тIе а кхачийтина, иза ца хуьлуьйтуш Iийр вуй
Со? – боху Везачу Эло. – Я бер дан ницкъ а белла,
ненан цIа дIакъовлур дуй Ас?» – боху хьан Везачу
Эло.
10 Даккхийдейша Ярушалаймаца, цунах
самукъадалий хилийша,
иза езаш долу шу массо а!
Даккхийдейша цуьнца хIинца
шу массо а, цунах доьлхуш хилларш!
11 Цуьнан синтемечу некхах шу,
дакха а декхна, Iаьбна хир ду.
ЧIогIа мала а муьйлуш, цуьнан
даккхийчу накхойх зовкх хьоьгур ду.
12 ХIунда аьлча Везачу Эло иштта боху: «Ас машар
хоьцур бу шуна тIе, догIу хи санна, халкъийн хьал
схьахоьцур ду, хи тIедаьлча догIу татол санна. Шу
декхар а ду, карахь а лелор ду, голаш тIехь
хьоьстур а ду. 13 Нанас беран догъоьцуш санна, Ас
шун догъоьцур ду. Ярушалаймехь догъэцна хир ду
шун. 14 Шуна гур ду иза, тIаккха шун дегнаш
даккхийдеш хир ду. Заза даьккхина къона дитташ
санна хир ду шу. Везачу Элан куьйгана Шен ялхой
бевзар бу, амма Шен мостагIашна оьгIазгIур ву
Иза».
15 Веза Эла цIергахь вогIур ву. Цуьнан гIудалкхаш,
йилбазмох санна, хир ю. Цо Шен оьгIазалла
дераллица тIеюттур ю, ткъа Шен къемат – цIеран
алунашца. 16 ХIунда аьлча Везачу Эло цIерца а, Шен
туьраца а массо а адамна тIехь кхел йийр ю. Цо
хIаллакбина дуккха а хир бу.
17 «Езачу бошмашкахь цхьаъ вукхунна тIаьххье
шаьш базбеш а, цIанбеш а берш а, хьакхин жижиг
а, маьттаза хIуманаш а, дехкий а дуурш а массо а
лийр бу, – боху Везачу Эло. – 18 Сох лаьцна аьлча,
церан гIуллакхаш а, ойланаш а бахьана долуш, Ас
массо а къаьмнаш а, меттанаш а гулдийр йолу хан
тIекхаьчна. Схьа а баьхкина, Сан сийлалла гур ю
царна. 19 Царна юкъахь тамашийна билгало а йина,

‡‡ 66:7 Довзийтинарг 12:5.

дийна бисинчарах цхьаберш Сох лаьцна ца
хезначу а, Сан сийлалла ца гиначу а къаьмнашна
тIе бохуьйтур бу Ас: Таршаш тIе а, пIулахошна а,
шайн говзачу Iад кхуссучаьрца болчу лудамхошна
а тIе, Тубална а, Яванна а тIе, генахь долчу хIордан
йистерачу халкъашна а тIе. Оцу халкъашна юкъахь
Сан сийлалла кхайкхор ю цара. [20] Массо а
халкъашна юкъара берриг а шун вежарий
схьабалор бу цара Везачу Элана совгIатна
говрашна тIехь а, гIудалкхаш чохь а, ворданашна
тIехь а, бIарзанашна а, эмкалшна а тIехь Сан
безачу лам тIе, Ярушалайме, – боху Везачу Эло, –
исраилхоша Везачу Элан цIийне цIеначу пхьегIи
чохь совгIат ма-дарра. [21] Царах схьаоьцур бу Ас
динан дай а, левихой а бан нах», – боху Везачу Эло.
[22] †«Ас кхуллур йолу керла стигал а, керла латта а,
гуттар а Суна хьалха лаьттар долуш ма-хиллара, –
боху Везачу Эло, – иштта шун тIаьхье а, цIе а даим
юьсур ю. [23] Цхьана баттера вукху батте а, цхьана
шоьтан дийнера вукху шоьтан дийне а долуш,
массо а адам Суна хьалха суждане догIур ду, – боху
Везачу Эло. – [24] ††Арабевлча, царна Суна
дуьхьалбевллачу нехан декъий гур ду: уьш бууш
болу нIаьна а лийр бац, уьш багош йолу цIе дIа а
йойур яц. Массо а адамна дегаза хетар бу уьш».

† *66:22 ЕшаI-ЯхIу 65:17; 2 Кипин 3:13; Довзийтинарг 21:1.*

†† *66:24 Марк 9:48.*

# Ярми-ЯхIу

### Дешхьалхе

Ярми-ЯхIу пайхамар ваьхна, Дала леррина Къобалвинарг дуьнен чу валале, ворхIалгIачу бIешеран тIаьххьарчу декъехь а, йолхалгIачу бIешеран хьалхарчу декъехь а. Еххачу хенахь Далла гIуллакх а деш, цо Делан халкъе дIахьедора, цIушна Iибадат дарна а, къинош леторна а цунна тIехь бохам лаьттар бу бохуш. Иза дийна а волуш, цо хьалххе аьлла бохам кхочушхилира: Ярушалайм-гIала бавелхойн паччахьан Набухди-Нецаран караяхара, гIала а, Делан цIа а дохийра, ЯхIудан халкъан паччахь а, халкъах дукххаберш а Бавел-махка йийсаре дIабигира. Ярми-ЯхIус хиндолчух лаьцна кхин а аьллера: халкъ йийсарера юха а доьрзур ду, къам юхаметта а хIуттур ду.
хIокху дакъошка декъа мегар ду: 1) Дала Ярми-ЯхIуга тIекхайкхар (1 корта); 2) Юши-ЯхIус а, ЯхIу-Якхама а, ЯхIу-Яхина а, ЦIадукъ-ЯхIус а паччахьалла дечу заманашкахь ЯхIудан къомана а, цуьнан куьйгалхошна а лерина Делера болу хаамаш (2–25 кортош); 3) Ярми-ЯхIус дийцинарг цуьнан йозанча волчу Баруха дIаяздар: Ярми-ЯхIугахула Делера болу цхьаболу хаамаш а, Ярми-ЯхIун дахарехь ларамe хилларш а (26–45 кортош); 4) Цхьадолчу кхечу къаьмнех болу Везачу Элан хаамаш (46–51 кортош); 5) Хиллачух лаьцна долу дийцарш тIехь долу тIаьххьара дакъа. Цу тIехь дуьйцу Ярушалайм-гIала эшорах лаьцна а, Бавел-махка нах йийсаре дIабигарх лаьцна а (52 корта).
Ярми-ЯхIу экам стаг вара. Шен халкъ цунна дукхадезара. Хиндолу таIзар нахана кхайкхо цунна чIогIа хаза ца хетара. Дала цуьнга, пайхамар хила аьлла, тIекхайкхар бахьана долуш, цуьнан дукха Iазапаш лан дийзира. Тептаран дуккха а меттигашкахь дог дохарца цунах лаьцна дуьйцу Ярми-ЯхIус. Делахь а цуьнга кхочушдолу Везачу Элера дош цуьнан дага чохь цIе санна дара – вист ца хила цуьнан йиш яцара. Тептаран уггар ларамечу дешнех цхьадерш, Ярми-ЯхIу вехаш волчу халачу денойх лаьцна а ца Iаш, Делаца керла барт бен долчу дийне хьаьжна ду: Делан халкъо и барт ларбийр бара, хIунда аьлча и барт церан дегнаш тIе язбина хир бара (31:31-34).

**1** ХIара дешнаш Бен-Яманан тайпанан лаьтта
тIехь лаьтташ йолчу Iанатот-гIаларчу динан
дайх цхьаъ волчу а, Хьалкхи-ЯхIун кIентех волчу а
Ярми-ЯхIун ду. 2 †Ярми-ЯхIуга Везачу Элан дош
кхечира, яхIудхойн паччахь Аминан кIант Юши-
ЯхIу волчу хенахь. Иза дара Юши-ЯхIу
паччахьаллехь волу кхойтталгIа шо. 3 ††Везачу Элан
дош Ярми-ЯхIуга иштта кхочура яхIудхойн паччахь
Юши-ЯхIун кIант ЯхIу-Якхам паччахь волчу хенахь
дуьйна, Юши-ЯхIун кIанта ЦIадукъ-ЯхIус
паччахьалла дечу цхьайтталгIачу шеран
пхоьалгIачу батта тIекхаччалц. Оцу хенахь
Ярушалайман халкъ йийсаре дIадигира.

### Везачу Эло Ярми-ЯхIу тIекхойкху

4 Соьга, Ярми-ЯхIуга, Везачу Элан дош кхечира:
5 «Суна хьо вевзаш вара, ненан кийрахь Айса хьо
кхоллале а, Аса хьо дIакъастийнера, хьо дуьнен чу
валале а. Ас хьо къаьмнашна пайхамар хила
дIахIоттийра».
6 ТIаккха аса элира: «Хьалдолу Эла! Суна ца хаьа
муха ала деза, со хIинца а дукха жима ма ву».
7 Амма Везачу Эло суна жоп делира: «Ма ала: „Со
дукха жима ву“. Аса хьо дIа мел хьажийначу метте
гIур ву хьо. Аса хьайна тIедиллинарг дIа а эр ду
ахьа. 8 Кхера ма кхера царах: Со массо а хенахь
хьоьца хир ву, хьо кIелхьарваккхархьама». Иштта
боху Везачу Эло.
9 Шен куьг дIа а дахийтина, иза сан бетах
хьакхадалийтира Везачу Эло. Цо элира: «ХIинца
Сайн дешнаш хьан бага дехки Ас. 10 Билггал хаа ду
хьуна, тахана Аса хьо дIахIоттий халкъашка а,
пачхьалкхашка а Сан цIарах вистхила. Ахьа
дIахьедийр ду, уьш орамашца бухдаьхна а,
дохийна а хир ду аьлла, уьш хIаллакдина а,
дIадаьхна а хир ду аьлла, уьш юхаметтахIиттийна
а, юхадоьгIна а хир ду аьлла».
11 ТIаккха Везачу Элан дош кхечира соьга: «ХIун го
хьуна, Ярми-ЯхIу?»
Аса жоп делира: «Суна бIаьлланган га го».

† *1:2 ТIаьххьарнаш 22:3–23:27; 2 Шерашкахь 34:8–35:19.*
†† *1:3 а: ТIаьххьарнаш 23:36–24:7; 2 Шерашкахь 36:5-8; б: ТIаьххьарнаш 24:18–25:21; 2 Шерашкахь 36:11-21.*

12 Везачу Эло элира: «Хьуна гуш дерг нийса ду.
Сайн бIаьргашца хьожуш ву Со Сайн дош билггал
кхочушхилийта».
13 Юха а Везачу Элан дош кхечира соьга: «Ярми-
ЯхIу, хIун го хьуна?»
Аса жоп делира: «Суна кхехкаш болу яй го,
къилбаседехьара жимма агIор таьIна болу».
14 Везачу Эло соьга элира: «Къилбаседехьара
беана болу боккха бохам оцу мехкан массо а
бахархошна тIехъоьхур бу.
15 Аса кестта
къилбаседехьара йолчу пачхьалкхашкара
къаьмнаш схьакхойкхур ду, – боху Везачу Эло. –
Цара, схьа а даьхкина, шайн паччахьийн гIанташ
Ярушалайман кевнашна уллохь охьахIиттор ду.
ГIалин пенашна а, иштта ЯхIуд-махкарчу массо а
гIаланашна а тIелетар ду уьш.
16 Айса дIахьейина
кхел кхочушйийр ю Аса Сайн къомана тIехь, цара
мел лелийна воних бахьана долуш. Суна букъ а
берзийна, кхечу деланашна сагIанаш а дохуш,
шайн куьйгашца кхоьллинчунна Iибадат дора
цара.
17 Ткъа ахьа, Ярми-ЯхIу, хьайн гIодаюкъ а
ехкий, хьала а гIаттий, Аса хьайга мел аьлларг
цаьрга дIадийца. Оцу нахах ма кхера, Соьга хьо
царна хьалха ца кхеравайтархьама.
18 Аса хьо
хIинца чIагIйина гIала санна, аьчка бIогIам санна,
йоьза пен санна, хIокху лаьтта тIехь дIахIоттийна.
ЯхIудан халкъан паччахьашна а, цуьнан
тхьамданашна а, динан дайшна а, массо а кху
лаьттарчу халкъана а дуьхьал хьо латталур ву.
19 Уьш массо а хьуна дуьхьал хир бу, амма цаьрга
хьо эшалур вац, хIунда аьлча Со хьоьца ву, – боху
Везачу Эло, – Аса хьо кIелхьар а воккхур ву».

### Дала Исраилан халкъана гIайгIабар

2 Везачу Элан дош кхечира соьга: 2 «Ярми-ЯхIу,
ваха а гIой, Ярушалайман халкъе дIахьедар де.
Цаьрга ала: „Иштта боху Везачу Эло:
‘Къоначу хенахь хьо тешаме хилар дагадогIу Суна,
хьо къона нускал долуш Со везара хьуна.
Хьо Суна тIаьхьахIоьттина догIура яьссачу
аренгахула –
тIе хIу тасаза долчу лаьтта тIехула.
3 Исраилан халкъ Везачу Элана лерина
схьакъастийна дара,
дуьххьара болу стом санна, Цуьнан долахь бен
дацара.
Иза мел кхоллург бехке хетара,
ткъа царна тIе бохам боуьйтура’ – боху Везачу
Эло“».

### Исраилан халкъан дайша летийна къинош

4 Якъубан тIаьхье а, Исраилан тIаьхьенан массо а
тайпанаш а, ладогIа Везачу Элера болчу хааме!
5 Везачу Эло иштта боху:
«ХIун зулам гина шун дайшна Соьгара,
уьш Суна херабовллал? Суна гена а бевлла,
хIумма а йоцучу цIушна суждане а оьхуш,
шайх а хIумма а йоцург хилла царах.
6 Цара хIунда ца хаьттина: „Мичахь ву
вай Мисар-махкара арадаьхна волу Веза Эла?
Шена тIехь гIамарш а, Iаннаш а долчу,
ша екъа а, Iаьржачу бодане а долчу,
шена тIехула цхьа а некъахо ца вогIучу,
шена тIехь цхьа а Iаш воцучу яьссачу аренгахула
схьадалийна волу Веза Эла мичахь ву хIинца?“
7 Аса шу токхечу лаьтта тIе схьадалийра,
цуьнан ялта а, дика хIуманаш а шуьга яийта.
Амма аша, схьа а даьхкина, Сан латта бехдира,
Сан долахь долчух аша дегаза меттиг йира.
8 Динан дайша а ца хоттура: „Мичахь ву Веза Эла?“
– аьлла,
ткъа Iелам нах а Со вовза лууш бацара.
Исраилан баьччанаш Суна дуьхьал бевллера,
ткъа пайхамарша БаIалан цIарах хаамаш бора,
хIумма а йоцучу цIушна суждане оьхура.
9 Цундела Аса юха а шуна бехк тIебуьллу, – боху
Везачу Эло. –
Шун тIаьхьенна а бехк тIебуьллур бу Аса.
10 Даха а гIой, Хитаман гIайренаш тIехь а хьовса,
иштта Къедар-гIала стаг а вахийтий, цигахь а
талла,
хIоьттина цигахь шу долчохь долу хьал.
11 Хьовса, хийциний цхьана а къомо шайн
деланаш,
церан метта кхин деланаш а лехна,
уьш цхьана а тайпана деланаш боццушехь?
Амма Сан къам шайн сийлаллин Делах дIа а
къаьстина,
хIумма а йоцучу цIушна тIедирзина.
12 Тамаша бейша хIокху хIуманна, стигалш,
Iадаяй, инзарйовлийша!» – боху Везачу Эло. –
13 «Сан къомера ши зулам даьлла:
дийна хи чохь долу шовда санна волу Со а
витина,
цара шайна чохь хи соцуш йоцу йохийна гIунаш
яьхна».

### Далла тешаме цахиларна хилларг

14 «Исраилан халкъ лай ду?
Я дуьнен чу долучу хенахь лай хилла ду?
Иза кхечарна ижу хилла дIа хIунда хIоьттина?
15 Цунна гIигI деш дIахIиттинчу къоначу лоьмаша,
ижу а яьккхина, гIовгIа йора.
Исраилан мохк бассийна цара.
ГIаланаш ягийна, царна чохь халкъ а ца дисина.
16 Нуп-гIалин а, Тахьпанхьас-гIалин а
бахархоша хьан хьеюкъ дIаяьшна.
17 Амма хьоьга беъначу баланан бахьана хьо хьуо
ду.
Хьан Веза Дела волчу Аса хьо нийсачу новкъахула
далош дара,
амма хьо Суна уллора дIаделира.
18 Мисар-махка а даьхкина, Нил чуьра хи маларх
хIун пайда хир бу хьуна?
Ашур-махка а даьхкина, Эпрат чуьра хи маларх

хIун пайда хир бу хьуна?
19 Ахьа мел динчу воно хьуна таIзар дийр ду,
хьан тешнабехке хиларо хьуна тIехдеттар ду.
Ойла ехьа, хаа ду хьуна,
Везачу Элах хьо дIакъаьстина хилар а,
Суна хьалха хьо ларамах дуьзна цахилар а,
мел вон а, къаьхьа а ду иза». –
боху массо а ницкъийн Хьалдолчу Эло.

### Халкъ Везачу Элана Iибадат дарх къехкар

20 «Дукха хан ю хьан дукъ ахь кагдина,
тоххарехь хьан буржалш а хадийна.
Ахьа бохура: „Хьуна муьтIахь хир вац со!“
Бакъду, муьлххачу а лекхачу гуна тIехь а,
хIора луьста гаьннаш долчу диттана кIелахь а,
кхахьпаллица кхечу деланашна Iибадат дора ахь.
21 Аса-Айса хьо юьйгIира, тоьлла таьлланг санна,
ма тешаме кемсийн хIу дара хьо!
Муха хилла хьох вон хьожа йогIу
акха а, хийра а кемсийн таьлланг?
22 Хьуо дикка цIандан гIертахь а,
хьайна тIе дуккха а саба хьекххахь а,
хьан къинан заралла Суна хьалха лаьтта, –
боху Хьалдолчу Эло. –
23 Муха эр ду: „Со бех ца вира аса.
Со БаIал-деланийн лорах ца лелла“?
ТогIи чохь хьо леларе хьажал,
айхьа лелийначух дикка кхетал!
Хьо, аьрха стен эмкал санна,
хьайн некъаш дIакхоьхьуш яра.
24 Хьо акха виркхел санна ю, яьссачу аренгахь Iан Iемина йолу,
шен хьайна хиларехь мерIуьргашца хIаваъ муьйлуш йолу.
Хьаьнга юхаозалур ю иза, сел чIогIа лууш хилча?
Иза оьшуш мел йолчу виро ша кIадъян ца еза –
оре еанчу хенахь иза атта карор ю.
25 Исраилан халкъ, хьайн когашка мачаш ма йохаяйта,
хьайн къамкъаргана хьогалла ма гайта,
кхечу деланашна тIаьхьа а уьдуш.
Амма ахьа элира: „Са ма тийса!
Суна кхечу къаьмнийн деланаш беза,
со царна тIаьхьа лелар ду“».

### Халкъана таIзар дар догIуш хилар

26 «Къола дечохь схьалаьцначу къуьнна эхь
хетийтаре терра, юьхьIаьржачу хIоьттина
Исраилан тIаьхье – къам а, паччахьаш а,
баьччанаш а, церан динан дай а, пайхамарш а.
27 Цаьрга дечиган гериге: „Хьо сан да ву“ алалур ду,
ткъа тIулге а алалур ду: „Ахьа со вина“, хIунда
аьлча цара Суна шайн юьхьан метта букъ
берзийна. Ткъа шайна бохам тIебеача, цара бохур
ду: „Тхо кIелхьардахахьа!“
28 ТIаккха Ас шуьга эр ду: „Мичахь бу ахьа хьайна
бина болу деланаш?“ Хьо баланашкахь долчу
хенахь цаьрга, схьа а баьхкина, даккхийта хьо
кIелхьар, хIунда аьлча хIора хьайн гIалин цIарах
цхьацца дела ву хьан, ЯхIудан халкъ. 29 Шу Соьца
стенна къийсало? Шу массо а Суна дуьхьал
гIевттина, – боху Везачу Эло. – 30 Шун къомана Ас
таIзар дар эрна хилла, исраилхой, хIунда аьлча
наха шаьш нис ца байтина. Цоьстучу лоьмо санна,
аша таррашца шайн пайхамарш хIаллакбина».
31 Ва Исраилан тIаьхье, тидам бе Везачу Элан
дешнашка: «Яьсса аре я Iаьржачу боданан латта
санна Исраилан халкъана вара Со ткъа? Иштта
хIунда боху Сан къомо: „Тхо кхерсташ ду, ткъа Хьо
волчу юхадоьрзур дац!“? 32 Зудаберана шен
жовхIарш диц ца ло. Нускална шен доьхка а диц ца
ло. Амма Сан халкъана Со диц ца даллал дукхазза
вицлора. 33 Ма дика хаьа хьуна, ЯхIудан халкъ,
безаргаш хьайна лаха. Уггар вон зударий а хьох
Iама мега! 34 Хьан бедарийн юьхах хьакхаделла
бехк боцучу къечу адамийн цIий ду, къола дечохь
ахь уьш ца лаьцнехь а.
И массо а къинош ахь летийнехь а, 35 боху ахьа:
„Сан бехк бац. Дела суна оьгIаз гIур вац“. Ахьа „Сан
бехк бац“ бахарна Аса кхел йийр ю хьуна. 36 ХIунда
лела хьо хьайн некъаш хуьйцуш? Мисар-махкаца
барт а беш, хьо юьхьIаьржачу хIуттур ду, Ашур-
махко ма-хIоттора. 37 ЮьхьIаьржачу а хIоттийна,
Мисар-махкара а хьо дIагIур ду. Хьо тешна Iаш
берш Веза Эла волчу Аса дIа-ма-теттина. Цаьрца
хьан аьтто хир бац».

### Исраилан халкъ тешаме цахилар

3 «Нагахь санна майрачо дIаяхийтина йолу
зуда, кхечуьнга маре яхча, цуьнан хьалха
хилла майра иза йолчу юхавоьрзур вуй те? Бехлур
барий те и хIума дича мохк? Исраилан халкъ,
дуккха а безаргашца лелла хьо, ткъа хIинца Со
волчу юхадерза лууш ду хьо? – боху Везачу Эло. –
2 Ерзинчу лакхенашка хьала а хьажий, схьаалахьа,
Исраилан халкъ, хьо хьарам мичахь ца лелла?
Хьайн безаргашка хьоьжуш, некъан йистехь Iийна
хьо, Iаьрбихо яьссачу аренгахь некъахошна
тIелата дагахь ма-Iарра. ХIара латта бехдина ахьа
хьайн хьарам леларца а, мекарлонца а. 3 Ахьа
къинош летор бахьана долуш догIанаш а
севцинера, бIаьста догIу догIа а цхьаьна. Амма
тIаккха а хьуна эхь ца хетара – хьан юьхь
кхахьпанан санна яра, эхь ца хеташ.
4 ХIинца бохург хир ма дац ахьа Соьга: „Сан Да,
Хьо сан жималлехь дуьйна сан накъост хилла ву!
5 Массо а хенахь хир ву те Хьо суна реза воцуш? И
оьгIазло Хьайна чохь латтор ю те Ахьа?“ Иштта
боху ахьа, амма хьайга далуш долччул зуламаш
деш ма ду хьо, Исраилан халкъ!»

### Далла тIе юхадерза дезар

6 †Юши-ЯхIу паччахь волчу хенахь Веза Эла соьга
вистхилира. Цо соьга элира: «Ярми-ЯхIу, хьуна

гирий „Тешнабехк“ олуш долчу Исраилан халкъо
лелийнарг? Цуьнан тешаме цахилар хьуна гирий?
Иза суна хьарам хилла хӀора лекхачу гуна тӀехь а,
хӀора луьста гаьннаш долчу дитта кӀелахь а. 7 Аса
ойла йира, ша лелош дерг лелийна яьллачул
тӀаьхьа, иза Со волчу юхайоьрзур ю аьлла, амма
иза юха ца йирзира. Цо динарг тешаме йоцучу
цуьнан йишина ЯхӀудан халкъана гира. 8 Сайна
тешаме доцуш хиларна тешнабехке долу Исраилан
халкъ Аса дӀахердина. Амма Суна гира, и массо а
хӀума хиллехь а, тешаме йоцу цуьнан йиша йолу
ЯхӀудан халкъ а, дӀа а дахана, кхахьпа санна
лелара. 9 Цхьана а тайпана эхь ца хетарца цо
бехбира и мохк, тӀулгах а, дечигах а бинчу цӀушца
лелаш. 10 Тешаме доцу, цуьнан йиша йолу ЯхӀудан
халкъ цӀеначу дагца Суна тӀе ца дирзира, цо Суна
моттаргӀанаш лелайора, ша тӀедирзина
моттуьйтуш», – боху Везачу Эло.
11 Везачу Эло соьга элира: «Тешаме доцучу
ЯхӀудан халкъал ша бехказадаьккхира тешнабехке
долчу Исраилан халкъо. 12 ДӀа а гӀой,
къилбаседехьа хӀара Сан дешнаш дӀакхайкхаде,
Ярми-ЯхӀу: „Юхадерза, тешаме доцу ЯхӀудан халкъ!
– боху Везачу Эло. – Хьуна дарлур вац Со
къинхетаме волу дела, – боху Везачу Эло. – Со
массо а хенахь шуна оьгӀазвахана а хир вац.
13 Амма хьо хьайгара баьллачу бехкана къера хила
деза, Исраилан халкъ, хӀунда аьлча хьо хьайн
Везачу Далла дуьхьал долура, хӀора луьстачу
диттана бухахь кхечу къаьмнийн цӀушна суждане
оьхура, ткъа Аса аьллачуьнга ахьа ла ца дугӀура“».
Иштта боху Везачу Эло.
14 «Тешаме доцурш, Со волчу юхадерза! – боху
Везачу Эло, – Со шун олахо ма ву. Аса, хӀора гӀалара
цхьацца стаг а, иштта хӀора тайпанара шишша стаг
а схьа а эцна, шу Цийон-лам тӀе дуьгур ду. 15 Аса
шуна Сайна тешаме болу Ӏуй лур бу, цара шу
хьекъалца, кхетамца дуьгур ду. 16 Шун махкахь шу
дебна а, даьржина а хиндолчу хенахь, – боху
Везачу Эло – наха Везачу Элаца бинчу бертан
тӀорказ хьахор дац, хӀунда аьлча Веза Эла Ша хир
ву царна юкъахь. Иза цхьанна а дага а догӀур дац,
цунах лаьцна цхьаммо а ойла йийр яц, цхьанна а
иза оьшур а дац, ткъа иза цкъа а духадийр дац.
17 Цу заманахь Ярушалайманa, Везачу Элан *Ӏарш*
аьлла, цӀе туьллур ю. Массо а къаьмнаш
Ярушалайме схьагуллур ду, Веза Эла волчу Суна
Ӏибадат дархьама. Цара кхин дийр дац шайн
мекарчу, аьрхачу дегнаша бохург. 18 Цу деношкахь
ЯхӀудан тӀаьхье цхьаьнакхетар ю Исраилан
тӀаьхьенца. Уьш цхьаьна къилбаседехьарчу
махкара Аса шайн дайн дола деллачу латтта тӀе
схьабогӀур бу».

### Делан халкъо цӀушна Ӏамалъяр

19 Аса, Везачу Эло, элира:
«Суна шуьца Сайн кӀенташца санна хила лаьара.
Шуна дика латта дала лаьара суна –
кхечу къаьмнийн долчул а хаза долу.
Суна моьттура аша Сайх Да а олуш,
шу кхин цкъа а Сох дӀадоьрзур дац.
20 Амма майрачунна тешаме йоцу зуда санна,
хьо Суна тешаме яцара, Исраилан тӀаьхье».
Иштта боху Везачу Эло.
21 Ерзинчу лакхенашкара схьахезаш белхар ду:
Исраилан халкъо шайн цӀушка орца доккху,
шайн Дела волу Веза Эла виц а вина,
шаьш шайн некъаш талхор бахьана долуш.
22 Везачу Эло боху: «Со волчу юхадерза, Сох
дӀадирзинарш! Сайх дӀакъастаран цамгарх Аса
дарба дийр ду шуна.
Ала Соьга: „Тхо Хьо волчу дӀадогӀу, Хьо тхан Веза
Дела волу дела. 23 Баккъалла а, ма эрна хилла-кх
сагӀа доккхучу лакхенашкахь а, гунашкахь а оха,
цӀушна корта а бетташ, йина гӀовгӀа. Исраилан
халкъан кӀелхьардалар баккъалла а тхан Везачу
Делера бен дац. 24 Тхо кегий долчу хенахь дуьйна
эхьан харцдела волчу БаӀала дӀакхоллура тхан
дайша мел гулдинарг – церан жаш а, бежанаш а,
иштта церан кӀентий а, зудабераш а. 25 Тхайн эхь
тӀехь а долуш, охьадуьжийла тхо, тхан сийсазалла,
шаршу санна, тхуна тӀехь хуьлийла, хӀунда аьлча
оха а, тхан дайша а, кегий долчу хенахь дуьйна
хӀара хан тӀекхаччалц, тхан Везачу Далла дуьхьал
къинош летийра, Цо аьллачуьнга ла а ца дугӀуш“».

4 Иштта боху Везачу Эло: «ТӀедерза хьайна
лаахь, Суна тӀедерза, ва Исраилан халкъ.
Массо а дегаза *цӀу* Суна хьалхара дӀаваккхал,
кхидӀа ца тилаяйттал, 2 нийсонца а, бакъдолчуьнца
а, догцӀеналлица а дийна волчу Везачу Элах
чӀагӀонаш ел. ТӀаккха Везачу Эло къаьмнаш
декъалдийр ду, ткъа Цунах цара дозаллаш а дийр
ду».
3 †Везачу Эло ЯхӀудан а, Исраилан а халкъашка
боху: «Шайн латта аха, коканаш юккъехь хӀу а ма
де. 4 Веза Эла волчу Сан дуьхьа сунтде, ЯхӀудан
халкъ! Шайн дегнаш тӀера пардо дӀа а даьккхина,
уьш цӀан а дина, сунтбина хила, Ярушалайман
бахархой! Шу иштта ца лелахь, Сан дералла,
цхьаьнгге а сацалур йоцу сийна цӀе санна, летар ю,
аша мел лелийнарг бахьана долуш».

### ЯхӀуд-махка чугӀортар

5 ЯхӀуд-махкахь массарна а дӀахаийта,
Ярушалаймехь массо а стаге дӀакхайкхаде:
«Коьман маӀа а лоькхуш, орца даккха!
Мохь а хьоькхуш, массанхьа а дӀаала:
„Дерриш а цхьана метте схьагулло,
чӀагӀйина йолчу гӀаланашка дӀагӀур ду вай“.
6 Байракхца хаам бе, Цийоне дӀагӀо алий!
Хье ца луш, кхерам боцучу дӀадовда,
хӀунда аьлча Аса къилбаседехьара доуьйту
шу долчу хӀаллакьхилар а, боккха бохам а.
7 Лом шен боьлак чуьра арадаьлла,

† 3:6 *ТӀаьххьарнаш 22:1–23:30; 2 Шерашкахь 34:1–35:27.*

† 4:3 *ХӀушаӀ 10:12.*

халкъ хIаллакдийриг шен некъ бан волавелла.
Цо шен хIусам йитина,
шун латта дассорхьама.
Шун гIаланаш хIаллакйийр ю,
царна чохь адамаш а хир дац.
8 Шайна тIе сингаттаман духар доха,
мохь бетташ, тийжарца делха,
хIунда аьлча Везачу Элан deралла
ЯхIудан халкъана тIера дIа ца йирзина».
9 «И бохам тIекхаьчначу дийнахь, – боху Везачу
Эло, – паччахьан а, тхьамданийн а дегнаш тохалур
ду, динан дай инзарбевр бу, ткъа пайхамарш
Iадийна хир бу».
10 ТIаккха аса элира: «Ва Хьалдолу Эла! ЯхIудан а,
Ярушалайман а халкъ ледеш хилла те Ахьа, цаьрга:
„Шу долчохь машар хир бу“ бохуш, церан логе тур
хIоттийнашехь?»
11 Эццахь ЯхIудан а, Ярушалайман а халкъе хIара
дешнаш кхочур ду: «Бовха мох хьоккхур бу яьссачу
аренгахь йолчу ерзинчу лакхенашкара Сан
хьомечу халкъана тIе. Иза ялта цIандечу хенахь
хьоккхуш болу эсала мох санна хир бац. 12 Ялта
цIандаллал тIех чIогIа мох Сайн омрица хьоькхур
бу. ХIинца Ас-Айса кхел билгалйоккхур ю оцу
халкъана!»

## ЯхIуд-махкана гонах мостагIий хилар

13 Iаьржа марха санна, тIегIерташ ву мостагIа.
Цуьнан гIудалкхаш, йилбазмох санна, сиха ю,
цуьнан говраш аьрзунел а сиха ю.
Аса элира: «Маржа яI! Ма хIаллакьхир ду вай!»
14 «Ярушалаймхой, шайн даг тIера воних
дIацIанде, Соьга шаьш кIелхьардахийтархьама!
Мел латто еза аша шайн дегнашна чохь зуламе
ойланаш?
15 ЛадогIа, хIун боху Дан-гIаларчу хаамчо. Вон
кхаъ бу Эпрайман гунаш долчуьра веанчу стага
беънарг. 16 Халкъашка хаам бе, Ярушалайме а
дIахаийта: генарчу махкара эскархой тIегIерташ бу,
ЯхIудан гIаланашна тIе тIеман маьхьарий хьоькхур
ду. 17 МостагIаша Ярушалаймана го бийр бу,
гIаролхоша кха ма-ларддара, хIунда аьлча Цуьнан
халкъ Суна дуьхьал гIаьттина», – боху Везачу Эло.
18 «И бохам шуна тIебеъна аша мел лелийнарг
бахьана долуш. Аша лелийна болу харцнекъаш
бахьана долуш беана шуьга хIара къаьхьа бала. И
бала чIогIа шун дагах а кхетар бу».

## Ярми-ЯхIун тийжам

19 «Сан кийра! Богуш бу сан кийра!
Дог лазадоккхуш боккха бала бу соьгахь.
Вист ца хуьлуш ца Iало со,
хIунда аьлча суна коьман маIа хезна,
тIеман маьхьарий суна ма хезна.
20 Цхьа бохам вукху бохамна тIаьхьа богIу.
Массо а мохк дамардарц хилла Iуьллуш бу.
ЦIеххьана сан четарш хIаллакдина,
цуьнан шаршуш бIаьрганегIар тохале йоьхна.
21 Дукха гур юй те суна тIеман байракхаш,
дукха хезар дуй те коьман маIан аьзнаш?»
22 Везачу Эло боху: «Сан халкъ сонта ду.
Цунна Со ца вевза.
Сонта бераш санна ма ду иза.
Сан халкъ кхетам боцуш ма ду.
Цуьнан вон дан говзалла кхочу,
амма дика дан цунна ца хаьа».

## Бала тIебаран сурт хIоттар

23 Со лаьтте дIахьаьжира:
иза даьсса а, кегарин а дара.
Со стигала хьалахьаьжира:
ткъа цуьнан нур дацара.
24 Лаьмнашка дIахьаьжира со:
уьш дегош дара,
ткъа гунаш техкаш лаьтташ дара.
25 Со гонах дIасахьаьжча,
цигахь цхьа а адам дацара,
стигалара олхазарш а дIададханера.
26 Со дIахьаьжча, токхе лаьттах яьсса аре хилира,
ткъа цуьнан массо а гIаланаш йохийна лаьттара,
Везачу Элан дераллин оьгIазло бахьана долуш.
27 Везачу Эло элира: «Мохк хIаллакьхир бу,
амма массо а хIума хIаллакдийр дац Аса.
28 Цундела латта гIайгIа еш хир ду,
стигал бодане хилла дIахIуттур ю,
хIунда аьлча иза Аса аьлла а ду,
Аса чIагIдина а ду.
Цу хIуманна Со дохко а ца ваьлла,
Айса аьллачунна тIера а вер вац».
29 Шайна дошлойн а, секхаIад кхоссархойн а
гIовгIа хезча,
массо а гIаланашкара нах дIабовдур бу:
цхьаберш хьехаш чохь дIаловчкъур бу,
вуьш терхеш тIе хьалабевр бу.
Массо а гIаланаш яссалур ю,
шайна чохь дийна адам а доцуш.
30 Яссийна хинйолу гIала, хьо хIун деш ю?
ЦIен духарш хIунда духу?
Дашо туьтеш хьайна тIе хIунда ухку?
БIаьргашна басарш хIунда хьоькху?
Хьо хазъяр эрна ду хьуна!
Хьан безаргаша хьо йитина,
хIинца хьо ен гIерташ бу уьш!
31 Суна берах хьийзочу зудчун аз хезаш санна
хета.
И аз дуьххьара бер деш йолчу зудчун санна ду.
Иза Цийонан йоIан † аз санна ду.
Са а лоцуш, куьйгаш хьала а дахийтина,
цо боху: «Маржа-яI! Сан са малделла
дIадолу байа баьхкинчу нахана хьалха!».

† *Цийонан йоI *– иза Ярушалайм-гIала ю.**

### Ярушалайман къа

5 Везачу Эло элира: «Даха а гIой,
Ярушалайман урамашкахула а,
майданашкахула а лахийта
нийсо кхочушъеш волу,
Суна тешаме хуьлуш волу цхьа стаг.
ТIаккха Аса Ярушалаймана гечдийр дара.
2 Шаьш дийна волчу Везачу Элах чIагIо яхь а,
цунах а ца тешаш, харцонца бист ма хуьлу уьш».
3 Ас элира: «Ва Веза Эла! Тешаме хиларе Хьо ма хьоьжу!
Ахьа царна туьйхира, амма уьш ца лазийра.
Ахьа царна таIзар дира, амма цара шаьш нис ца байтира.
Цара шайн яххьаш тIулгал а чIогIа чIагIйина,
Хьуна тIедерза царна ма ца лаьара.
4 Амма аса сайга элира: „Уьш къен нах хила мега,
цаьргахь хьекъал дац.
Цундела царна Везачу Элан некъ а,
Дала тIедиллинарг а ца девза.
5 Со халкъан баьччанаш болчу гIур ву.
Царна хууш хила деза Везачу Элан некъаш а,
шайна Дала тIедиллинарг а“.
Амма цара массара а Цуьнан дукъ шайна тIера дIадаькккхина,
шайн Цуьнца йолу массо а зIенаш а хедийна.
6 Цундела хьуьнхара лом царна тIе кхетар ду,
аренгарчу барзо а уьш цоьстур бу,
цIоькъаберг а церан гIаланашна уллохь кIелхуур ю,
царах араваьлларг ватIорхьама,
цара лелийна зуламаш совдовларна а,
церан тешнабехк хилар доккха хиларна а».
7 «Муха вала веза Со хьуна къинтIера, ЯхIуд-мохк?
Массо а хьан бераш Сох дIахерделла.
Уьш цIушна суждане оьхуш бу, деланаш уьш боццушехь.
Аса царна мел оьшург латтийнера,
амма уьш ямартлонца лелара,
тобанашца нахаца лелаш болу зударий болчу а оьхуш.
8 Уьш юстийна йолу говраш санна бу,
шайн хьайна хиларца лулахочун зудчуьнга дог хоуьйтуш болу.
9 Иштта леларна Аса таIзар дийр дац те? – боху Везачу Эло. –
И санна долчу халкъана Аса бекхам бийр бац те?
10 Хьала а гIовтта, цуьнан кемсийн бошмашкахула
дIа а гIо, уьш йоха а еш.
Амма кхоччуш уьш йохо ца оьшу –
керла гаьннаш дIа а даха, хIунда аьлча уьш Везачу Элан дац.
11 Исраилан а, ЯхIудан а халкъаш
Суна кхоччуш тешаме доцуш лелара», –
боху Везачу Эло.

### Везачу Эло Исраилан халкъ дIататтар

12 Цара Везачу Элах лаьцна харцдерг дуьйцура:
«Везачу Эло тхуна хIумма а дийр дац, тхуна цхьа а
тайпана вон дерг а хир дац, тхуна мацалла а гур яц.
13 Пайхамарша аьлларг мох санна эрна хир ду,
Везачу Элан дош цаьрца цахиларна. Цара аьлларг
царах шайх гIойла», – бохуш. 14 Цундела массо а
ницкъийн Везачу Дала боху: «Оцу наха иштта
дешнаш аьлла дела, хьан багахь долчу Сан
дешнех, Ярми-ЯхIу, Аса йогуш йолу цIе йийр ю. И
нах Аса дечиг санна хуьлуьйтур бу, ткъа цIеро уьш
дIакхоллур бу.
15 Исраилан халкъ, – боху Везачу Эло, – Аса кхуза
генарчу махкара къам далор ду, иза шуна
тIелатийта. Иза, ницкъ болуш, шира къам ду.
Цуьнан мотт хьуна ца хаьа, цо бохучух хьо кхетар
дац. 16 Церан Iад-ботт схьадиллина долу каш санна
ду, ткъа уьш шаьш чIогIа майра нах а бу. 17 Цара
хьан ялта а, мел болу кхача а дIабуур бу, хьан
кIентий а, зудабераш а хIаллакдийр ду, хьан
уьстагIий а, стерчий а дIадуур ду, иштта хьан
кемсаш а, инжираш а дIакхоллур ю. Цара шайн
таррашца хьуна чIагIйина хеташ йолу а, шу
сатуьйсуш йолу а массо а гIаланаш хIаллакйийр ю.
18 Амма цу деношкахь а Аса шу массо а
хIаллакдийр дац, – боху Везачу Эло. – 19 Нагахь
санна хьайга хIун бахьана долуш до Везачу Эло
тхуна и зенаш аьлла хаттахь, цаьрга жоп ло: „Шайн
махкахь, Со дIа а теттина, кхечу деланашна аша
гIуллакх даре терра, хIинца шайн боцучу махкахь а
болуш, хийрачу нахана гIуллакхаш дийр ду аша“».

### Дала Шен халкъана дIахьедар дар

20 Везачу Эло элира: «ДIакхайкхаде и хIума
Якъубан тIаьхьене а, иштта ЯхIудан халкъе а:
21 †„ЛадогIа, Iовдал, кхетам боцу къам. Шун
бIаьргаш ду, амма шуна хIумма а ца го, шун лергаш
ду, амма шуна хIумма а ца хеза. 22 ††Сох кхоьруш
хила ца деза те шу? – боху Везачу Эло. – Суна
хьалха дегош хила ца деза те шу? ХIордана гонах
гIамаран доза дIахIоттийнарг Со ву шуна! ХIорд оцу
дозанал тIехбаьлла цкъа а дIасабаржийта мегар
дац. ТулгIенаш хин йистах мел еттаяларх, церан
дозанал уьш араевр яц. ТулгIенаш мел
карзахйовларх, цу хин йистал уьш арайовлалур
яц“. 23 Амма хIара халкъ чIогIа аьрха халкъ ду. Уьш,
дIа а бирзина, дIабахара. 24 Цара цкъа а ца олу
шайга: „Вайн Везачу Делах кхера деза вай. Цо
вайна гуьйранна а, бIаьста а догIа а доуьйту, ялта
чудерзочу хенахь мел оьшург а ло“. 25 Аша
лелийначу зуламаша хIара дика хIуманаш шуна
генадаьхна, аша летийна долу къинош бахьана
долуш Дала деш хилла долу диканиг шух
дIакъастийна.

† *5:21 ЕшаI-ЯхIу 6:9, 10; Яхьазкхиал 12:2; Марк 8:18.* †† *5:22 Аюб 38:8-11.*

26 Сан къомана юкъахь вонаш дукха бу: уьш
олхазарш лецархой санна, шайн цIаьлгаш
дIахIиттош бу, амма церан цIаьлгаша лоьцуш дерш
олхазарш дац, адамаш ду. 27 Олхазарш чохь долу
цIелиг санна, церан хIусамаш харцонех юьзна ю. И
харцонаш бахьана долуш уьш лакха а бевлла, цара
хьал а гулдина, 28 церан догIмаш дазделла, уьш
берстина. Цара дечу вон гIуллакхийн доза дац.
Кхел ечу хенахь байшна нийсо ца кхочуьйту цара,
ткъа къечу нехан бакъонаш цара лар ца йо.
29 Цу бахьанина царна таIзар дан ца деза те Аса? –
боху Везачу Эло. – Бекхам бан ца беза те Аса хIара
санна долчу халкъана? 30 Оцу махкахь цхьа инзаре
а, къемате а хIума хилира: 31 пайхамарша
харцхаамаш бо, динан дайша шайна лууш
долчуьнца куьйгалла до, ткъа Сан къомана и тайпа
долу хIума деза. Амма хIун дийр ду те аша, чаккхе
тIекхаьчча?»

## МостагIаша Ярушалаймана го бар

6 Довда, шайн дахар кIелхьардаккха, бен-
яманхой! Довдий, дIагIо Ярушалайм-гIалара!
ТакхоI-гIалахь коьман маIа лакха! ЦIарца орца
даккха Байт-КIарам-гIалахь! Къилбаседехьара
боккха бохам а, доккха хIаллакьхилар а тIегIерташ
ду. 2 Дакъазайоккхур ю Аса хаза а, коча а йолу
Цийонан йоI †. 3 Шайн жашца Iуй ма-бахккара,
паччахьаш шайн эскаршца схьабогIур бу
Ярушалайм-гIалина дуьхьал. Цунна гонах шайн
четарш дIахIиттор ду цара. Шена дIаделла дакъа
хIораммо а дассор ду. 4 Цара эр ду: «ХьалагIовтта,
дуьхьалдовла Ярушалаймана. Делкъахенахь
тIамца цунна чугIуртур ду вай». Амма тIаккха эр ду:
«Жолам! ХIинца тIаьхьа ду: суьйре тIееана,
суьйренан IиндагIаш дахлуш ду. 5 ХьалагIовтта,
буьйсанна тIе а летта, Ярушалайман гIепаш йохор
ю вай».
6 ХIара боху массо а ницкъийн Везачу Эло:
«Дитташ схьа а хададай, Ярушалаймана гонах
гIалин пенна тIеволийла кечъе. И гIала таIзар дан
хьакъ долуш ю, иза гIело ярх юьзна йолу дела.
7 Хьоста чуьра арадолу хи санна, цунна чуьра
арадолуш ду вон мел дерг. Цигара ницкъ бар а,
къизалла а ю Суна хезаш. Цьнан цамгар а, чевнаш
а го Суна массо а хенахь. 8 Меттайолахь,
Ярушалайм, Сан дог хьайх ма даккхахьа. Хьайга
бохург ахьа ца дахь, Ас хьуна букъ берзор бу, хьан
латта дассор ду, цигахь цхьа а стаг ца вехачу
тайпана».

## Исраилан халкъ аьрха хилар

9 Иштта боху массо а ницкъийн Везачу Эло:
«ТIаьххьара йисина йолу кемсаш санна схьалахьор
ду Исраилан халкъан дисина долу адамаш. Кемсаш
схьалахьош волчо ма-дарра, хьайн куьйгашца
таьллангаш дикка талла».
10 Ас жоп делира: «Хьаьнга вистхила веза со, мила
тIетаван веза аса, сайга ладогIийта? Наха шайн
лергаш дIакъевлина, цундела царна хIумма а ца
хеза. Везачу Элера долу дош царна сийсазалла
санна хилира, царна тамехь дац иза. 11 Амма со
Везачу Элера йолчу оьгIазлонах вуьзна ву, и
оьгIазло соьга сайна чохь ца сецало».
ТIаккха Везачу Эло элира: «И Сан оьгIазло арахь
ловзуш долчу берашна а, кегийчу нахана а тIе
хьажае. Майрачунна а, зудчунна а тIе дIаIанор ю,
иштта хан яьлла волчу воккхачу стагана а тIе.
12 ТIаккха церан цIенош а, кхаш а, церан зударий а
кхечарна дIалур бу. Аса Сайн куьг тIедуьллур ду кху
махкахь дехаш долчу адамашна, царна таIзар
дархьама, – боху Везачу Эло. – 13 КIезиг болчу
нахана тIера дуьйна, цIеяхана болчарна
тIекхаччалц мел верг санехьа ваьлла,
пайхамаршна тIера динан дайшна тIе кхаччалц
верг харцонехьа ваьлла. 14 ††Сан къомана тIехь
йолчу чевнашна дарба до цара, и чевнаш хIумма а
дац бохуш. Цара Сан къам Iехадо, цуьнга машар бу
а бохуш, машар ца хуьллушехь. 15 ‡Эхь хетий те
царна шаьш лелош долу боьха хIума бахьана
долуш? Ца хета. Жимма а эхь хетта, цIий ца ло уьш
шаьш летийна долу къинош бахьана долуш. Массо
а санна, уьш а хIаллакьхир бу. Нахана таIзар дан Со
вахча, Аса лаьттах тухур бу уьш», – боху Везачу Эло.

## Исраилан халкъо Делан некъ дIататтар

16 Иштта боху Везачу Эло: «Некъаш
вовшахкхетачу меттехь дIа а хIоттий, хьажа,
муьлха бу шира а, беркате а болу некъ. Цу некъа
тIе шу довлахь, шайна синтем а, машар а карор бу
шуна».
Амма цара элира: «Тхо гIур дац!»
17 Везачу Эло элира: «Шуна тIе гIаролхой
хIиттийра Аса. Коьман маIаца орца даккхаре
ладогIа элира Аса шуьга. Амма аша жоп делира:
„ЛадугIур дац!“ – аьлла.
18 Ткъа хIинца ладогIал, къаьмнаш. Тешаш а
хилий, хьовсал Аса Сайн къомана хIун дийр ду.
19 ЛадогIал, латта! Аса ЯхIудан халкъана тIе боккха
бала боуьйтур бу. Ткъа и бала цара йина ойланаш
бахьана долуш хир бу, хIунда аьлча цара Аса
аьллачуьнга тидам а ца бира, ткъа Сан *товрат-
хьехам* дIа а теттира. 20 ХIунда оьшу Суна Шебера
хаза хьожа йогIу сегIаз а, генарчу махкара мерза
эрз а? Суна ца оьшу шуьгара дийнаташ дагоран
сагIанаш, иштта кхидолу шун сагIанаш а Суна
тамехь дац». 21 Цундела иштта боху Везачу Эло:
«Аса яккхий халонаш хIиттор ю ЯхIудан халкъана
тIе. Цу халонех когаш а тийсалуш, дай а, кIентий а
охьабетталур бу, лулахой а, доттагIий а хIаллакьхир
бу».

---

† *Цийонан йоI *– иза Ярушалайм-гIала ю.**

†† *6:14 Яхьазкхиал 13:10.* ‡ *6:12-15 Ярми-ЯхIу 8:10-12.*

### Къилбаседехьара махкана чугIортар

22 Иштта боху Везачу Эло: «Къилбаседехьара
тIедогIуш доккха эскар ду, дуьненан йистера тIаме
кечам беш ду доккха къам. 23 Эскархойн карахь
гоьмукъаш а, секхаIедаш а ду, уьш къиза а, шайца
къинхетам боцуш а бу. Уьш говрашкахь богIучу
хенахь, карзахбаьллачу хIордах тера бу. ТIамана
кийча бу уьш. Церан Iалашо – хьуна тIелатар ю,
Цийонан йоI».
24 Ярушалайман бахархоша элира: «Царах лаьцна
тхайга хаам кхаьчча, кхераделла, доьхна хьийзаш
дара тхо. Берах хьийзош йолчу зудчуьнгахь санна,
боккха бала бара тхоьгахь. 25 Кхаш тIе а ма гIо,
некъа тIе а ма довла: мостагIчун тарраш а, боккха
кхерам а бу гонах. 26 Сан хьоме къам! ТIеюха
хьайна сингаттаман бедарш, тIетаса хьайна
чимаш. Хьайн цхьаъ бен воцучу кIентан докъана
ма-елххара, доггах елха. ЦIеххьана хIаллакдийриг
вайна тIелетар ву».
27 Везачу Эло соьга элира: «Сайн къомана
юккъехь дIахIоттийнера Аса хьо, Ярми-ЯхIу, ахь
Сайн къам, дети санна, зерхьама. Аса хьо гIап
санна вира, хьоьга Сайн къоман некъаш таллийта,
уьш муха бу хьажийта. 28 Уьш аьрха нах бу, царна
юкъахь мотт беттар даьржина, уьш мекха йиллича
кхулуш долчу эчигах а, цIастанах а тера бу. 29 Левси
† чIогIа кховсуш ю, дашца цхьаьна цIаро детих
йоллу боьхалла дIаяккхархьама. Дети лалош волчо
эрна болх бина хилла, хIунда аьлча халкъ хIинца а
вонах цIан ца делла. 30 Сан халкъана, юхатеттина
долу дети аьлла, цIе туьллур ю, хIунда аьлча иза
Везачу Эло юхатеттина».

### Ярми-ЯхIус Делан цIийнан кертахь кхайкхам бар

7 Везачу Эло Ярми-ЯхIуга аьлла долу дешнаш
иштта дара: 2 «Везачу Элан цIийнан ков долчу
дIа а хIоттий, хIара хаам дIакхайкхабе: „ЛадогIа
Везачу Элера долчу дешнашка. ХIокху кевнна
чухула а бовлуш, Везачу Элана суждане оьхуш
долчу ЯхIудан халкъан массара а ладогIа. 3 Иштта
боху массо а ницкъийн Везачу Эло, Исраилан Дала:
хийца шайн дахар а, шайн гIуллакхаш а. Шайга
бохург аша дахь, Аса кхузахь даха дуьтур ду шу.
4 Ма теша шайна хезаш долчу харцкъамелех.
Цхьаболчу наха боху: 'Кхузахь ду Везачу Элан цIа!
Веза Эла Ша кхузахь волу дела, тхо кхерамехь дац!'
5 Амма шайн дахар а, гIуллакхаш а нисдина,
вовшашца нийсо а лелош, 6 тIебаьхкина болчу
нахана гIело а ца еш, байшна а, бисина Iаш болчу
зударшна а гIело а ца еш, бехк боцучеран цIий а ца
Iанош, шайна бала бахьар болчу харцделанашна
тIаьхьа а ца хIуьттуш шу лелахь, 7 Аса хIокху лаьтта
тIехь даха дуьтур ду шу. ХIара латта Аса шун
дайшна дIаделла ду, церан тIаьхье абаденналц цу
тIехь яхийта.
8 Амма шу ледеш долчу дешнех тешна Iаш ду,
царах шайна пайда бер боццушехь. 9 Къоланаш а
деш, нах а бойуш, нахаца а лелаш, харц йолу чIагIо
а еш, хьалхе шайна бевзина боцучу БаIална а,
кхечу харцделанашна а суждане а оьхуш, лелаш ма
ду шу. 10 Цул тIаьхьа Сан цIе лелош долчу цIийнан
керта тIе а догIий, Суна хьалха дIахIуьтту шу: 'Тхо
маьршадевлла' – бохуш. Массо а и дегаза хIуманаш
лелорхьама, шаьш маьршадевлла моьтту те шуна?
11 ††Сан цIе лелош долу хIара цIа шуна хьалха
зуламхойн бен хилла дIахIоьттина те? Суна-м и
шадерг а гина! – боху Везачу Эло. – 12 ‡Дуьххьара
Сан Iаш йолу меттиг дIахIоттийна йолчу Шилун-
гIала а гIой, хьовса, Аса цу меттигна хIун бохам
байтина, Сан Исраилан халкъо лелийна долу
вонаш бахьана долуш. 13 И дерриг а вонаш деш шу
лелаш долчу хенахь, – боху Везачу Эло, – Аса
дукхазза а бехира шуьга, амма аша ла ца
дуьйгIира. Со шуьга кхойкхура, амма аша Суна жоп
ца лора. 14 Цундела Шилун-гIалина динарг Аса
хIинца Сан цIе лелош долчу хIокху цIенна а дийр
ду, шу оцу цIийнах тешна Iаш доллушехь а, Аса
хIара меттиг шун дайшна дIаеллехь а. 15 Аса Сайна
уллора юхатоттур ду шу, шун гергара йолу
Эпрайман тIаьхье юха-ма-таттара“».

### Халкъо ла ца догIар

16 «Ткъа ахьа, Ярми-ЯхIу, и къоман дуьхьа Соьга
доIанаш ма де, царах къинхетам бар а ма деха
Соьга, хIунда аьлча Суна хьан доIа хезар дац.
17 Хьуна гуш дац цара ЯхIуд-мехкан гIаланашкахь а,
Ярушалайман урамнекъашкахь а деш дерг?
18 ‡‡Бераша дечиг лахьадо, дайша цIе латайо,
зударша бод хьакхабо, стигалан зуда-паччахьна ‡‡
хьоькхамаш дотту. Цара кхечу деланашна чагIаран
сагIанаш охьадутту, Со оьгIазвахийтархьама.
19 Амма цара зен дийриг Со ву те? – боху Везачу
Эло. – ХIан-хIа, шаьш-шайна зен ма до цара, шаьш
юьхьIаьржачу а хIиттош». 20 Цундела Везачу Эло
иштта боху: «Сан оьгIазло а, дералла а хIокху
меттигна тIе йоьрзур ю, адамашна а, хьайбанашна
а тIе, иштта дитташна а, ялтина а тIе. Сан дералла
цIе санна йогур ю, ткъа иза дIаяйа стаг а хир вац».
21 Исраилан Дела волчу массо а ницкъийн Везачу
Эло иштта боху: «Даха а гIой, Суна дийнаташ
дагоран сагIа даккхаран метта, цунах долу жижиг
сагIанийн кхидолчу жижигна тIедилла. Суна цунах
хIумма а ца оьшу – аша-шаьш и дерриг а даа!
22 Шун дай Мисар-махкара арабаьхначу дийнахь,
Аса, цаьрга вист а хуьлуш, дийнаташ дагоран
сагIанех а, вукху сагIанех а лаьцна цхьа а тайпа
весет ца дира. 23 Амма Аса цаьрга цхьа весет дира:

† *Левси *– пхьалгIи чохь алу марсайоккхуш мох туху гIирс. *кховса: *левсино болх бар – «левси кховсу».**

†† *7:11 Маттай 21:13; Марк 11:17; Лака 19:46.* ‡ *7:12-14 ЮшаI 18:1; Забур 77:60; Ярми-ЯхIу 26:6.* ‡† *7:18 Ярми-ЯхIу 44:17-19.* ‡‡ *Стигалан зуда-паччахьна *– иза ю Иштар цIе йолу бавелхойн харцдела.**

„Соьга ладугIуш хила, ткъа Со шун Дела хир ву, шу
Сан къам хир ду. Аса шайна тIе мел дехкинчу
некъашкахула лела, шайн хьал дика
хилийтархьама“, – аьлла. 24 Бакъду, цара Соьга ла
ца дуьйгIира, Сан дешнаш цара тергал ца дора,
уьш шайн лаам тIе бевллера, шайн аьрхачу а, вочу
а дегнаша бохург бен ца деш. Цара Суна букъ
берзийнера, шайн яххьаш кхечу агIор а ерзийна.
25 Шун дай Мисар-махкара арабевллачу хенахь
дуьйна таханлера де тIекхаччалц Аса Сайн ялхой
болу пайхамарш оьхуьйтура шу долчу. Аса уьш шу
долчу кест-кестта бохкуьйтура. 26 Амма шун дайша
Соьга ла а ца дугIура, Сох тидам а ца бора. Цара
шайн юхахьараллица церан дайша чул а дукха вон
лелийра.
27 Ярми-ЯхIу, ахьа и хIума цаьрга дIадийцахь а,
цара хьоьга ладугIур дац, хьо цаьрга кхайкххахь а,
цара хьуна дуьхьал жоп лур дац. 28 Цундела ахьа
ала деза: „ХIара къам – шен Везачу Делан озе ла ца
дугIуш долу къам ду, иштта цо ша нис ца дойту.
Тешаме хилар къоманна юкъахь кхин ца хуьлу –
цунах лаьцна цхьа а вист а ца хуьлу“».

### ЦIий Iенийна йолу тогIи

29 «Боьлхуш хила, оцу къоман нах!
Шайн месаш, дIа а ларгий, дIакхисса.
Ерзинчу лакхенашкахь тийжам бе,
хIунда аьлча Везачу Эло хIара къам дIатеттина,
Ша оьгIазвахийтина долу къам долчуьра Иза
дIавахана.
30 Суна вон хеташ долу хIума дина ЯхIудан халкъо,
– боху Везачу Эло. – Сан цIе лелош долчу цIа чохь
цара шайн дегаза цIуш дIахIиттийна, и цIа бех а
деш. 31 †Бен-ХIинам-тогIи чохь йолчу Тупатахь цара
сагIа доккху меттигаш кечйира, цигахь шайн
кIентий а, зудабераш а дагорхьама. И хIума Аса
царна тIе ца диллина, ткъа иза Суна дагадеана а
дац. 32 Цундела, варелаш! – боху Везачу Эло, –
тIекхочур ю цхьа зама, адамаша хIокху меттиган
Тупат, я Бен-ХIинам-тогIи аьлла, цIе йоккхур йоцу.
Кху меттиган цIе Байаран ТогIи аьлла хир ю, хIунда
аьлча шайн байина болу нах цара кхузахь
дIабухкур бу, кхузара меттиг чекхъяллалц.
33 Беллачеран декъий лаьттахь Iохкуш хир ду,
стигаларчу олхазарша а, акхароша а дууш. Уьш
царна тIера дIалахка цхьа а стаг а хир вац. 34 ††Аса
сацор ду ЯхIуд-махкарчу гIаланашкахь а,
Ярушалаймехь а ирсе аьзнаш а, церан
самукъадалар а. Кхузахь цхьанна а хезар дац
нускалан а, зуда ялочун а аьзнаш, хIунда аьлча
хIара латта дассийна лаьтташ хир ду».
8 «Цу заманахь, – боху Везачу Эло, – яхIудхойн
паччахьийн а, церан тхьамданийн а
даьIахкаш, иштта динан дайн а, пайхамарийн а,
Ярушалаймерчу бахархойн а даьIахкаш церан
кешнаш чуьра арайохур ю. 2 Оцу нехан даьIахкаш
дIасаяржийна хир ю малхана а, беттасинна а,
стигалан седарчашна а кIелахь. Стигалара и
хIуманаш хIокху нахана езара, царна хIокху наха
гIуллакх а дора, уьш царна тIаьхьа а лелара, царах
уьш дагадовлура, царна Iибадат а дора. Цхьаммо а
юха схьагулйийр яц и даьIахкаш, уьш цхьаммо а
дIа а юхкур яц. Уьш, лаьттахь Iуьллуш долу кхо
санна, цигахь Iохкур ю. 3 Аса уьш миччa а
дIалаьхкинчу меттигашкахь оцу вочу халкъах
массо а дийна дисначарна дахарал Iожалла дика
хетар ю», – боху массо а ницкъийн Везачу Эло.

### Къинош а, таIзар а

4 «Ярми-ЯхIу, халкъе Везачу Эло боху алий дIаала:
„Стаг охьакхетча, иза юха хьала ца гIотту те? Стаг
харцновкъа ваьллехь, иза юха ца воьрзу те?
5 ТIаккха хIара халкъ Сох хIунда дIадирзина?
Ярушалайм Суна массо а хенахь тешнабехк хIунда
хуьлу? Iехорна тIаьхьабовлу уьш, ткъа Со волчу
юхадерзарх къаьхка. 6 Аса леррина ладоьгIна
цаьрга, амма бакъдерг ца дуьйцу цара. Царах цхьа
а шаьш лелийначунна дохко а ца ваьлла, цхьаммо
а ца боху: ‘ХIун дина Аса?’ Уьш тIамана юккъехула
лаллаелла йоьдучу говрах тера бу. 7 Олхазаршна а
хаьа шаьш схьадахка деза хан а, шаьш дIадаха
деза зама а: аистна а, къоркхокханна а,
чIегIардигна а, гIаргIулина а. Амма хьуна, Сан
халкъ, ца хаьа Аса хьайна тIедиллинарг. 8 Аша боху:
‘Тхан товрат-хьехамаш а бу, тхоьгахь хьекъал а ду’.
Амма иза иштта дац, хIунда аьлча шун Iеламчу
наха товрат-хьехам талхабора. 9 Шун хьекъалчаш
юьхьIаьржачу а хIуьттур бу, уьш карзахбаьхна а,
гуро лаьцча санна а хир бу. Везачу Элан дешнаш
цара юхатеттина хилча, мичара хир ду цаьргахь
хьекъал? 10 Цундела Аса церан зударий кхечарна
дIалур бу, церан кхаш а лур ду кхечарна дIа. КIезиг
болчу нахана тIера дуьйна, цIеяхана болчарна
тIекхаччалц мел верг санехьа ваьлла,
пайхамаршна тIера динан дайшна тIе кхаччалц
верг харцонехьа ваьлла. 11 ‡Сан къомана тIехь
йолчу чевнашна дарба до цара, и чевнаш хIумма а
дац бохуш. Цара Сан къам Iехадо, цуьнгахь машар
бу а бохуш, машар ца хуьллушехь. 12 ‡‡Эхь хетий те
царна шаьш лелош долу боьха хIума бахьана
долуш? Ца хета. Жимма а эхь хетта, цIий ца ло уьш
шаьш летийна долу къинош бахьана долуш. Массо
а санна, уьш а хIаллакьхир бу. Нахана таIзар дан Со
вахча, Аса лаьттах тухур бу уьш“», – боху Везачу
Эло.
13 «Аса массо а хIума цаьргара схьадоккхур ду.
Кемсийн таьлланг тIехь цхьа а кемс юьтур яц,
инжирийн дитта тIехь цхьа а инжир а юьтур яц,
царна тIера гIаш а маргIалдулур ду. Аса царна мел
делла долу хIума а кхиболчара схьадоккхур ду», –
боху Везачу Эло.
14 «Вай кхузахь хIунда Iа? ХьалагIовтта, чIагIйина
йолчу гIаланашка дIададахийта вай, цигахь лийр ду

† 7:31 а: ТIаьххьарнаш 23:10; Ярми-ЯхIу 32:35; б: Iамалъяр 18:21. †† 7:34 Ярми-ЯхIу 16:9; 25:10; Довзийтинарг 18:23.

‡ 8:11 Яхьазкхиал 13:10. ‡‡ 8:10-12 Ярми-ЯхIу 6:12-15.

вай! Вайн Везачу Дала Iожаллин кхел хадийна
вайна. Цо дIаьвше хи муьйлуьйту вайга, Цунна
дуьхьал вай къинош летийна хилар бахьана
долуш. [15] Вай долчу машар кхочуш бу бохуш,
сатийсинера вай, амма диканиг ца кхечи вайга.
Вай долчохь дарбанан хан хиларе сатийсинера
вай, амма цуьнан метта къемат кхечи вайга. [16] Дан-
гIала йолчуьра мостагIийн говрийн хур дар
схьахеза. Церан дой терсарна берриге а мохк
бегаш бу. Уьш схьабогIуш бу, мохк а, цунна чохь
мел ерг а, иштта гIала а, цунна чохь вехаш мел
верг а хIаллакбархьама».
[17] «Аса шуна тIе лаьхьанаш санна болу мостагIий
хоьцур бу. Уьш дIасацо йиш йоцучу дIаьвшечу
лаьхьанех тера бу, ткъа цара шуна це тухур ю», –
боху Везачу Эло.

### Ярми-ЯхIуна шен халкъах къахетар

[18] Маца хир бу те сан дагна хьаам?
Ма гIайгIане ду-кх сан дог!
[19] ЛадогIахь гIо доьхуш долчу сан къоме.
Цо боху: «Цийонехь Веза Эла кхин вац те?
Цигахь цуьнан Паччахь кхин вац те?»
Амма Везачу Эло боху: «ХIунда вахийтина те цара
Со оьгIаза,
шайн хIумма а йоцу харцделанаш а, цIуш а
бахьана долуш?»
[20] Наха боху: «Ялта а чуэцна,
аьхке а чекхъяьлла,
амма вай кIелхьар ца даьхна».
[21] Холчохь ду сан халкъ,
цундела хала ду суна а.
ЧIогIа гIайгIане ву со,
сан даг чу кхерам боьссина.
[22] ГалIадехь хьакхар-молха дац те?
Цигахь лоьраш бац те?
Сан хьоме къам
хIунда ца тоделла те цаьрга?
9 Сан коьртах хин хьоста хилла делара,
сан бIаьргех хин шовда хилла делара!
Дийнахь а, буса а воьлхур вара со,
сан хьомечу къомах хIаллакбинчарна.
[2] Яьссачу арахь буьйса яккха меттиг
сан долахь хилла елара.
Сайн къам дуьтур дара аса,
сайн халкъ долчуьра со дIагIур вара,
уьш массо а тешаме боцу дела –
ямартчу нехан тоба ю уьш!
[3] «Церан мотт, Iад санна, аьшпашна буьйлина бу.
Шаьш тешаме цахиларна махкахь нуьцкъала
хилира уьш.
Цхьана вочу хIуманна тIаьхьа важа воних до цара,
амма Со къобалван ца лаьа царна», – боху Везачу
Эло.
[4] «Ларлуш хила шайн доттагIех,
шайн гергарчарах цхьаннах а ма теша,
хIунда аьлча хIора гергарчо Iехаво,
ткъа хIора доттагIчо эладита даржадо.
[5] ХIораммо а шен доттагIа лево,
цхьаммо а бакъдерг а ца дуьйцу.
Шайн мотт цара харцдолчунна тIетабина.
Къинош а летош, уьш Суна тIе ца берзало.
ГIело а йина, цара кхин а гIело йо.
Iеха а вина, цара кхин а Iехаво.
Ткъа Со къобалварх уьш дIакъехка †», –
боху Везачу Эло.
[7] Цундела массо а ницкъийн Везачу Эло иштта
боху:
«ЦIарца санна цIандийр ду Ас Сайн халкъ,
Iазапашца зуьйр ду Ас Сайн къам.
Кхин хIун далур ду те Соьга царна,
Сайн хьомечу халкъо летийначу къинна?
[8] Церан меттанаш Iожаллин пхерчий санна ду,
цаьрца нах Iехабо цара.
Шен лулахошца цара мерза мотт буьйцу,
амма шайн даг чохь ямартло латтайо.
[9] Аса таIзар дийр дац те царна и хIума бахьана
долуш? –
боху Везачу Эло. –
Сан даго бекхам бийр бац те
цунах терра долчу къомана?»
[10] Лаьмнашна ас белхар хIоттор ду,
яьссачу аренгахь долчу дежийлашна
тийжар хIоттор ду ас.
Цхьана а стага цаьргахула некъ
ца баккхарна, уьш дассийна ду.
Бажа Iоьхуш цигахь ца хеза,
стигалара олхазарш цигара дIадахара,
бежанаш цигара дIадахара.
[11] «Аса тIулгийн оьла йина дIахIоттор ю
Ярушалайм,
ткъа цунах чангIалкхийн бен хир бу, – боху
Везачу Эло. –
ЯхIуд-махкара гIаланаш Ас йохийна яссор ю,
цу чохь вехаш цхьа стаг а хир вац».
[12] Вуй те дуьнен чохь цу хIуманах кхетар волу
хьекъалча? Вуй те Везачу Эло хьекъал делла волу
стаг, цу хIуманах кхето йиш йолу? ХIунда
хIаллакдина хIара латта, цхьа а шена тIехула
новкъаваьлла стаг а ца гуш, хIунда яссийна хIара
аре?
[13] Везачу Эло иштта жоп делира цу хаттарна: «Иза
иштта хилира, хIунда аьлча Аса шена дIабеллачу
товрат-хьехамна тIера Сан халкъ дIадирзира – Сан
озе а цара ла ца дугIура, Аса тIедиллинчуьнца а
уьш ца лелара. [14] Уьш, шайн аьрхачу деган некъ а
лехна, БаIал-харцделанашна тIаьхьахIиттира,
шайн дайша шайна ма-хьеххара». [15] Цундела
Исраилан Дела волчу массо а ницкъийн Везачу Эло
иштта боху: «Аса цу къомана сагал-буц яор ю,
цунна дIаьвше хи а малор ду. [16] Аса уьш кхечу
къаьмнашна юкъахь дIасабаржор бу, я царна а, я

† *Грекийн гочдар тIехь: *Къинош а летош, уьш Суна тIе ца берзало. ГIело а йина, цара кхин а гIело йо. Iеха а вина, цара кхин а Iехаво. Ткъа Со къобалварх уьш дIакъехка. *Iебархойн тептар тIехь: *Къинош а летош, цара шаьш кIадбо. Хьо Iехорна юкъахь Iаш ву. Ткъа шаьш Iеха а деш, цара Со къобал ца во.**

церан дайшна а девзаш хилла доцучу къаьмнашна юккъехь Iойтур бу. Ас Сайн тур царна тIехьажор ду, царна дан дезарг Айса чекхдаккхалц».

### Ярушалаймера наха орца даккхар

[17] Иштта боху массо а ницкъийн Везачу Эло:
«ЛадогIа, тийжаран зударий схьакхайкха,
царах уггар говзанаш схьакхайкха,
уьш кхуза схьабахкийтархьама».
[18] Наха элира: «Сихха схьа а баьхкина,
цаьрга вайна тIаьхьа тийжар хIоттадайта,
вайн бIаьргийн негIарийн чоьш тIера бIаьрхиш охьаэхийта,
юьхь тIера хин тачанаш охьаэхийта».
[19] Цийонна тIехь тийжам хеза:
«Вай баккъалла а хIаллакьхилла,
вай баккъалла а юьхьIаьржачу хIиттина.
Вайн мохк бита безаш ду вай,
вайн цIенош дохийна дIадаьхна».
[20] ЛадогIа, зударий, Везачу Элан даше.
Цуьнан багара схьадевлла долу хIара дешнаш шуна дIахозийла:
«Шайн зудабераш маьхьаршца делха Iамаде.
ХIара тезетан тийжам вовшашна Iамабе:
[21] „Iожалла еана схьакхаьчна,
иза вайн корашкахула чуеана,
вайн гIепашна чоьхьаяьлла.
Иза урамновкъара вайн бераш а,
майданашкара вайн кегий нах а
хIаллакбан гIерташ ю“».
[22] Ала: «Иштта боху Везачу Эло:
„Аренашкахь дIасадаьржина долу кхо санна,
байинчеран декъий хир ду Iохкуш.
Ялта хьокхуш волчунна тIехьа
Iохкуш долу хьаькхна кIа санна,
Iохкуш хир ду байъиначеран декъий.
Уьш схьагулдан стаг а хир вац“».
[23] Иштта боху Везачу Эло:
«Шен хьекъалх дозалла деш хила ца веза хьекъалча,
шен ницкъах дозалла деш хила ца веза ницкъ болуш верг а,
ткъа хьал долуш верг шен хьолах дозалла деш хила а ца веза.
[24] †Амма дозалла дан лууш волчо
Со шена кхетарх а, вовзарх а дозалла дойла.
Лаьттахь безам а, бакъдерг а, нийсо а лелош волу
Веза Эла Со хиларх цо дозалла дойла.
И хIуманаш ду Суна чIогIа тамехь дерш», –
боху Везачу Эло.
[25] «Варелаш, хан тIейогIур ю, – боху Везачу Эло, – шайн догIмашкахь бен сунт ца биначарна Ас таIзар
ден йолу. [26] Мисар-махкарчу а, ЯхIуд-махкарчу а,
Эдом-махкарчу а, Iаммин-махкарчу а, Муаби-махкарчу а, иштта яьссачу аренгахь бехаш болчу шайн гиччош тIера месаш лоргуш болчу нахана тIехь Аса таIзар дийр ду, хIунда аьлча массо а и къаьмнаш баккъалла а сунтдина дац, ткъа Исраилан массо а тIаьхье цуьнан дагахь сунтдаза ю».

### Дела а, цIуш а

10 ЛадогIа, исраилхой, Везачу Эло шайга бохуш
долчуьнга. [2] Иштта боху Везачу Эло:
«Кхечу къаьмнийн некъашкахула ма лела,
стигаларчу билгалонех а ма кхера,
кхин къаьмнаш, уьш бахьана долуш Iадийна делахь а.
[3] Царна юкъахь лелаш долу динан Iадат эрна ду:
хьуьнхахь дитт схьа а хададой,
пхьеро агарца цунах кеп йоккху,
[4] Цунна тIе дети а, деши а дуьллий,
хьостамашца дIатуху,
охьа ца дожийта.
[5] И цIуш кха тIе дIахIиттош йолу мунданаш санна ю.
Уьш бист а ца хилало,
уьш карахь дIасалелайо,
шаьш уьш лела ца ло дела.
Царах кхера ца оьшу,
хIунда аьлча цаьрга вон далур дац,
амма цаьргара диканиг а дер дац».
[6] Веза Эла, вац Хьоьца нислур волуш цхьа а!
Хьо сийлахь-воккха ву,
Хьан цIе а ю еза Хьан нуьцкъалаллица!
[7] ††Хьуна хьалха ларамах ца вуьзна
мила хир ву, ва къаьмнийн Паччахь?
Хьоьга и ларам хила догIуш ма ду!
Къаьмнийн массо а хьекъалчашна юкъахь
я церан массо а паччахьашна юкъахь
Хьоьца нислур волуш цхьа а вац!
[8] Уьш массо а кхетам боцуш а, сонта а бу.
Церан хьекъалалла эрна ду,
дечигах йинчу цIушкара иза схьадаларна.
[9] Дуткъадина дети Таршашара деъна,
ткъа деши Упазара деъна, цIушна тIедилла.
И цIуш бина бу дечиган пхьеро а,
дешин пхьеран куьйгаша а.
Церан духарш сийначу а, таьIна-цIечу а басахь ду.
Уьш массо а говзачу белхалоша йина хIуманаш ю.
[10] Амма Веза Эла бакъволу Делан бен вац.
Иза дийна волу Дела а, даима волу Паччахь а ву.
Иза оьгIазвахча, латта дегош хуьлу,
Цуьнан оьгIазалла къаьмнашка ла а ца ло.
[11] (Аша, наха, иштта дIаала цаьрга: «Цу цIуша стигалш а, латта а ца кхоьллина, уьш лаьтта тIера а, стигалшна бухара а дIаяьхна хир ю».)

### Дела хаставаран йиш

[12] Шен нуьцкъалаллица Цо дуьне кхоьллина,
Шен хьекъалаллица иза чIагIдина,
Шен хьекъалца лаьтта тIехула стигалш яржийна.

† 9:24 1 Коринтхошка 1:31; 2 Коринтхошка 10:17.

†† 10:7 Довзийтинарг 15:4.

[13] Цо къекъийтича, стигалан хиша гІовгІа йо.
Дуьненан йистошкара Цо мархаш хьалаайайо.
ДогІанаш а догІуш, Цо хаьштигаш до,
Шен чІоьнашна чуьра мох а арабоккху.
[14] ХІора стаг сонта а, хьекъал доцуш а ву.
ХІора куьпчи ша винчу цІуно юьхьІаьржачу хІоттаво.
Цо лалийна суьрташ харцдерг бен дац,
церан кийрахь Іаь а, са а дац.
[15] Церан цхьа а тайпана мах бац,
уьш беламна йина ю.
Кхел ечу хенахь
уьш тІепаза йовр ю.
[16] Амма Якъубан тІаьхьенан Дела иштта вац,
хІунда аьлча Иза массо а хІуманан Кхоллархо ву,
ткъа Исраилан къам Цуьнан долахь дерг ду.
Цуьнан цІе – массо а ницкъийн Веза Эла ю.

## Схьакхочуш долу хІаллакьхилар

[17] Шайн массо а хІума схьагулде, Ярушалайман бахархой. Кестта гІалина го бийр бу! [18] Везачу Эло боху: «ХІокху латта тІера лаьллина дІа а дахийтина, Аса хІара къам цхьана готтачу метте чулоллур ду, шен лазар цунна хаадаллалц».
[19] Ярушалайм-гІалано боху:
«Ма бала бу соьгахь, хІара лазарна!
И сан чов дукха хала ю.
Аса аьллера: „Иза цамгар бен яц,
со цунах толур ю“.
[20] Сан четар хІаллакдина,
массо а цуьнан тІергаш дІаяьхна.
Сан бахархой со йолчуьра дІабахана,
уьш кхузахь кхин бац.
Четар дІахІоттош суна гІо дан стаг а вац,
иштта четаран шаршуш дІатоха стаг а вац».
[21] Вайн Іуйшкахь кхетам кІезиг бу –
уьш Везачу Элах дага ца бовлу.
Цундела царна тІера беркат дІадирзина,
церан массо а жа дІасадаьржина.
[22] ЛадогІа хІокху схьайогІучу гІовгІане!
Мохк бегош санна йолу гІовгІа
къилбаседерчу махкара схьакхочу!
Цуьнан эскаро ЯхІудан гІаланех яьсса аре йийр ю,
царах чангІалкхийн баннаш хир ду.
[23] Суна хаьа, Веза Эла,
адаман карахь доцийла цуьнан дахар,
цуьнан карахь дац шен некъ билгалбаккхар.
[24] Нисвехьа со, Веза Эла,
амма Хьайн нийсонца бен иза ма дехьа.
ОьгІаз а вахана, суна таІзар ма дехьа,
сох хІумма а воцург ца хилийтархьама.
[25] Хьайн дералла охьаІанаехьа
Хьо вовзаза долчу къаьмнашна тІе,
Хьайга ца кхойкхучу халкъашна тІе.
Цара Якъубан тІаьхье дІакхаьллира,
цаста а цестина, и къам дІа а кхаьллина,
иза Іаш болу мохк бассийна цара.

## Барт бохор

11 Ярми-ЯхІуга Везачу Элера кхаьчна болу хаам хІара бу: [2] «Аса бинчу бертан тІедожоршка ла
а догІий, уьш ЯхІудан халкъе а, Ярушалаймехь
бехаш болчаьрга а дІаала. [3] Цаьрга дІаала: „Иштта
боху Исраилан Везачу Дала: хІокху бертан
тІедожоршка ла ца доьгІначу хІора стагана неІалт
хир ду. [4] Оцу бертан тІедожорш Аса шун дайшна
тІедехкина, Аса уьш эчиг лалош йолу пеш санна
хиллачу Мисар-махкара арабохучу хенахь. Аса
цаьрга аьллера: ‘Соьга ла а догІий, Аса шуьца
бинчу бертан тІедожорш кхочуш а де, Аса шуна
тІедехкинчуьнга хьаьжжина. ТІаккха шу Сан къам
хир ду, Со шун Дела а хир ву. [5] ТІаккха хьалха шун
дайшна Айса йина йолу чІагІо кхочушйийр яра Аса
– Аса шуьрех а, мазах а дуьзна долу токхе латта лур
дара царна’. Ткъа оцу лаьтта тІехь шу хІинца дехаш
ду“».
Ткъа аса жоп делира: « *Амин*, Веза Эла!»
[6] Везачу Эло соьга элира: «Дерриг а хІара Сан
дешнаш ЯхІуд-махкарчу гІаланашкахь а,
Ярушалайман урамашкахь а дІакхайкхаде: „Аса
шуьца бинчу бертан тІедожоршка ла а догІа, уьш
кхочуш а де. [7] Мисар-махкара Аса шун дай
арабаьхначу хенахь дуьйна, хІара де тІекхаччалц
Аса шун дайшка юх-юха а дІахьедар дора: ‘ЛадогІа
Соьга’, – бохуш. [8] Амма шун дайша Соьга ла а ца
дугІура, Со тергал а ца вора. Мелхо а, шайн вочу
дегнийн аьрхалле хьаьжжина лелара уьш. Аса
царна тІедиллина и барт кхочушбе аьлла, амма
цара иза кхочуш ца дина. Цундела Аса массо а
хІокху бертан таІзарш царна тІехьажийра“».
[9] Везачу Эло соьга элира: «Суна хууш ду ЯхІуд-
махкара халкъ а, Ярушалайман бахархой а
вовшашца къайлаха барт беш хиларх лаьцна.
[10] Айса аьллачуьнга ладогІарх дІакъихкинчу шайн
дайша летийначу къиношка юхабирзира уьш.
Кхечу деланашна тІаьхьа а хІиттина, царна Іамал
йора цара. Исраилан а, ЯхІудан а тІаьхьенаша Аса
шайн дайшца бина барт бохийра. [11] Цундела иштта
боху Веза Эла волчу Аса: „Аса кестта царна бохам
боккхур бу, уьш цунах кІелхьар а бовлалур бац.
Ткъа уьш Соьга кхайкха буьйлабелча, Суна хезар а
дац. [12] ТІаккха ЯхІуд-мехкан гІаланашкахь а,
Ярушалаймехь а бехаш берш шаьш хаза хьожа
йогІу сегІаз дагочу деланашка кхойкхур бу, амма
бохам баьккхича, хІокхаьрга цхьана а тайпана
кІелхьарбахалур бац уьш. [13] Хьайн гІаланаш мел ю,
деланаш а бу хьан, ЯхІудан халкъ, ткъа
Ярушалаймехь хьан урамаш мел ду, дегаза
харцдела волчу БаІална сагІа доккху меттигаш
кечйина ахь“. [14] Ярми-ЯхІу, оцу нехан дуьхьа
доІанаш ма де, церан дуьхьа Соьга хІумма а ма
деха, хІунда аьлча цара, шайна бохам баьлча,
Соьга кхайкхахь Суна дІахезар дац».
[15] Везачу Эло халкъе элира: «Суна дезаш долчу
къомо дукха а къинош летийна, цундела хІун

бакъо ю церан, Сан цIенна юххехь хила? Суна
сагIина лерина долу жижиг а цара шайна
дIадоккху. Делахь а, Аса царна таIзар дечу хенахь,
даккхийден бахьана хир ма дац церан! 16 Веза Эла
волчу Аса Сан къам долчу хьох лаьцна аьллера,
хьо хазачу кепара болу стоьмаш тIехь а болуш
лаьттачу сийначу зайтдиттах тера бу. Ткъа хIинца,
доккхачу дарцан гIовгIанца, Аса цунна цIе латор ю,
цуьнан гаьннаш цхьана а пайденна а хир дац.
17 И дитт массо а ницкъийн Везачу Эло доьгIна ду.
Цо ма-аллара, и бохамаш хьуна тIе кхачаран
бахьана Исраилан а, ЯхIудан а тIаьхьенаша дина
долу зуламаш ду. БаIална сагIанаш а дохуш, цара
Со оьгIазвахийтина».

### Ярми-ЯхIуна дуьхьал бартбар

18 Везачу Эло суна схьадиллира цхьаболчу вочу
нахана дагадеънарг, суна иза хаийтархьама. 19 Со
хьалха урс хьакха буьгуш болу жима Iахар санна
вара: суна ца хаьара цара сайна дуьхьал лелош
дерг. Цара сох лаьцна бохура: «Дитт а, цо
кхиийнарг а хIаллакдан деза вай. Дийначеран
лаьтта тIера иза дIаваккха веза вай, дуьнен чохь
цуьнан цIе кхин ца яккхийта».
20 Массо а ницкъийн Веза Эла, Ахь нийсонца кхел
йо, адамийн дегнаш а, хьекъал а зоь. Суна Ахьа
царна бекхам беш ган лаьара, хIунда аьлча сан
гIуллакх Аса Хьан кара дIаделла.
21 ТIаккха Веза Эла со вен гIерташ болчу Iанатот-
гIаларчу цхьаболчу божарех лаьцна вистхилира
соьга. Цара соьга аьллера: «Везачу Элан цIарах
кхайкхамаш ма бе, оха вуьйр ву хьо». 22 Цундела
массо ницкъийн Везачу Эло элира: «Аса царна
таIзар дийр ду. Церан кегий нах туьро бойур бу,
ткъа кIентий а, зудабераш а мацалла лийр ду. 23 Аса
бохам бийр бу Iанатот-гIаларчу оцу божаршна,
царна бекхам бечу дийнахь. Царах цхьа а стаг
дийна вуьсур вац».

### Ярми-ЯхIус Деле арз до

12 Веза Эла, аса гIуллакхна Хьан кхеле
кхайкхахь,
Хьо массо а хенахь бакъ ву.
Делахь а, харцонах лаьцна хатта лаьа суна:
Iесачеран аьтто хIунда боккху церан некъашкахь?
Дерриг а тешаме боцу лелачеран синтем хIунда
хуьлу?
2 Ахь доьгIна долчу диттех тера бу уьш.
Орамаш а хецна, хьала а кхиъна, цара стом ло.
Хьо массо а хенахь церан багахь ву,
амма церан дегнаш Хьуна гена ду.
3 Ткъа со Хьуна вевзаш ву.
Хьуна со гуш ву, Веза Эла,
сан дог Хьайца муха ду а хаьа Хьуна.
Дайа дезаш долу уьстагIий санна, дIакхехьа уьш!
Байаран де тIекхаччалц дIакъастабехьа уьш!
4 Мел ханна хир ду хIара латта дакъийна,
мел ханна хир ю хIора кха тIехь буц якъаелла?
Цигахь Iаш болчеран Iесалла бахьана долуш,
олхазарш а, акхарой а хIаллакьхуьлуш ю.
Цу тIе а наха боху:
«Далла ца хаьа тхан чаккхе муха хир ю».
5 Везачу Эло элира: «Ярми-ЯхIу, гIаш болчаьрца
хьодуш а хьо кIадвелла хилча,
говрахь болчаьрца муха къовсалур ву хьо?
Шерачу аренгахь а хьо тасалуш хилча,
Йордан-хин йистерачу боьлакашкахь хIун дийр
ду ахьа?
6 Ур-атталла хьан гергарчара, –
хьан ден цIийнах болчара, –
ур-атталла уьш хьуна ямарта хилла.
Цара хьуна дуьхьал мохь бетта.
Ма теша царах,
уьш хьайга эсала бистхилахь а».

### Везачу Элан Шен халкъ бахьана долуш сингаттаме хилар

7 «Аса Со чохь Iаш долу къам дитина,
Сайн долахь долу халкъ дIатеттина.
Сайна уггар дукха дезаш дерг
церан мостагIийн кара дIаделла.
8 Сан долахь долу къам Суна дуьхьалдаьлла.
Хьуьнхахь долчу лоьмо санна,
цо Суна дуьхьал гIигI до.
Цундела Суна иза ца деза.
9 Сан къам акхачу олхазарх тарделла,
гонах ломъаьрзунаша дIасаийзош долчу.
ДIа а гIой, аренан акхарой схьагулъе!
Схьаялае уьш, иза дIакхаллархьама.
10 Дуккха а болчу Iуйша Сан кемсийн беш
хIаллакйина,
Сан долахь дерг когашца хьийшина.
Сан хьоме латта цара
яьсса аре йина дIахIоттийна.
11 И латта цара доха ма дина,
хIинца иза дакъийна а, дассийна а ду.
Берриг мохк а яьсса аре ю,
цунна дола дан стаг а вац.
12 Яьссачу аренгахь йолчу массо а ерзинчу
лакхенашкахула
мостагIий схьабаьхкина, хIуманаш
хIаллакьярхьама.
Везачу Элан туьро нах дIакхоллу,
мехкан цхьана йистера вукху йисте кхаччалц.
Цхьа а машарехь Iаш вац.
13 Наха кIа дIадийна, амма лаьтта тIера коканаш
схьадаьхна.
Цара къахьегна, амма цунах пайда ца эцна.
Цара гулдинчу ялто шаьш юьхьIаьржачу хIиттабо,
Веза Эла чIогIа оьгIазвахана хилар бахьана
долуш».

### Исраилхойн лулахошна Везачу Эло дина долу ваIда

[14] Везачу Эло иштта боху: «Аса дуьйцур ду хьуна исраилхойн лулахошна Айса ден дерг. И нах чIогIа вон нах бу, уьш Аса исраилхошна делла долчу латтанашна тIелетта. Аса уьш шайн мехкашкара аракхуьссур бу, царна юккъера ЯхIудан тIаьхье схьайоккхур ю. [15] Амма уьш орамашца дIабаьхначул тIаьхьа, Аса царах кхин а къинхетам бийр бу. ХIора къам Аса шен-шен махка а, лаьтта а тIе схьадалор ду. [16] Сан къоман некъаш цара баккъалла а Iамош делахь, дийна волчу Везачу Элах цара дуй бууш хилахь (дIаяханчу заманахь цара Сан халкъ БаIалах дуй баа Iаморе терра), тIаккха церан, Сан къомана юкъахь а Iаш, аьтто хир бу. [17] Амма оцу къаьмнаша Аса бохучуьнга ла ца догIахь, уьш, шайн орамашца дIа а баьхна, хIаллакбийр бу Аса», – боху Везачу Эло.

### Дуткъачу кIадих дина доьхка

13 ХIара ду Везачу Эло Соьга аьлларг: «ГIой, хьайна дуткъачу кIадих дина доьхка эца, хьайн гIодаюкъах дIа а дехкий, иза хих ларде».
[2] Везачу Эло ма-аллара, доьхка а эцна, иза сайна дIадихкира аса. [3] ШолгIа а Везачу Элан дош кхечира соьга: [4] «Хьайн гIодаюккъехь долу айхьа эцна долу доьхка схьа а эций, Эпрат-хин йисте гIо. Цигахь тархашна юккъехь болчу кIогана чохь къайладаккха». [5] Аса Эпрат-хи тIе а вахана, Везачу Эло ма-аллара, сайн доьхка къайладаькккхира.
[6] ТIаьхьо Везачу Эло соьга элира: «Эпрат-хи тIе а гIой, Аса хьайга къайладаккхийтина долу доьхка схьаэца». [7] Аса, Эпрат-хи тIе а вахана, сайн доьхка схьа а лехна, хьалха иза къайладаькккхинчу меттигера схьадаькккхира. Амма и доьхка лелон йиш йолуш дацара – иза телхина дIадаьллера.
[8] ТIаккха соьга юха а Везачу Элан дош кхечира:
[9] «Веза Эла волчу Аса иштта боху: Оццу тайпана Аса йохор ю ЯхIудан куралла а, Ярушалайман йоккха куралла а. [10] ХIара вон халкъ Сан дешнашка ладогIарх дIакъаьхкина. Уьш, шайн аьрхачу дегнаша бохург а деш, кхечу деланашна тIаьхьахIутту, царна Iамал а еш, суждане а оьхуш. Цундела и къам хIокху доьхкарх терра хир ду – уьш цхьанна а хIуманна пайденна боцуш бина дIахIиттор бу. [11] Адаман гIодаюккъехь доьхка чIогIа дIадехкаре терра, Аса Исраилан а, ЯхIудан а ерриге а тIаьхье Сайна чIогIа улло ялийнера, – боху Везачу Эло, – царах Сайн къам дархьама, уьш Сан сийлалла а, дозалла а, хазалла а хилла дIахIиттийтархьама. Амма цара Соьга ла ца дуьйгIира».

### ЧагIаран кхабанаш

[12] «Ярми-ЯхIу, халкъе дIаала: „Исраилан Везачу Дала боху: ‘ХIора чагIаран кхаба чагIарх юьзна хила еза’. Ткъа цара хьоьга эр ду: ‘Тхуна ца хаьа те хIора чагIаран кхаба чагIарх юьзна хила езийла?’“
[13] ТIаккха ахьа цаьрга ала: „Иштта боху Везачу Эло: ‘Аса ваххал чагIарца вузор ву хIора кху лаьтта тIехь вехаш волу стаг – Даудан тIаьхьенах болу паччахьаш а, динан дай а, пайхамарш а, иштта Ярушалаймехь вехаш мел волу стаг а. [14] Кхабанаш санна, вовшахтухур бу Аса уьш – кIентий шайн дайшца цхьаьна, – боху Везачу Эло. – Сайн къинхетамалле а, я къахетаре а, я кхооре а уьш хIаллак ца беш, Со сацавойтур вац Аса’“».

### Ярми-ЯхIус кураллех лаьцна аьлларг

[15] Ла а догIий, тергам бе!
Кура ма хила, хIунда аьлча
вистхуьлуш верг Веза Эла ву.
[16] Шайн Везачу Делан сий де,
Цо бода тIебаийтале,
маьркIажехь долчу гунаш тIехь
шайн когаш тийсабалале.
Аша серлоне сатуьйсу,
амма Цо цунах Iаьржа бода бийр бу.
[17] Нагахь аша Везачу Эле ла ца догIахь,
со къайла а ваьлла, воьлхур ву,
шун куралла бахьана долуш.
Сан белхар къаьхьа хир ду,
Сан бIаьргаш хих буьзна хир бу,
Везачу Элан жа йийсаре дIадигна хиларна.
[18] Везачу Эло соьга элира: «ДIаала паччахье а, паччахьан нене а, шайн паччахьан гIанташна тIера охьабисса, хIунда аьлча церан кортошна тIера сийлаллин таьжнаш охьаэгна. [19] НегIаб олучу яьссачу арара йолу гIаланаш дIакъевлина ю, уьш схьаелла стаг а вац. ЯхIудан дерриг а къам йийсаре дIадуьгуш ду».
[20] Хьажал Ярушалайм, хьайн бIаьргаш дIахьажабай: къилбаседехьара хьан мостагIий тIебогIуш бу! Iалашдан хьоьга дIаделла адамийн жа мичахь ду? Ахьа дозалла деш долу уьстагIий мичахь ду? [21] ХIун эр ду ахьа, ахьа айхьа Iамийна болу бартхой Везачу Эло хьуна тIехь хьаькамалла дан дIахIиттийча? Цундела лоцур юй те хьо лазарша, берах хьийзош йолу зуда санна? [22] Ахьа хьайга хаттар дан мега: «ХIунда беана суна тIе хIара бала?» – аьлла. Дагар ца даллал дукха къинош летийна ахьа хьайх. Цундела хьан кучан юх яьттIа ю, когаш берзина а бу. [23] Хийцалур дуй хушахочуьнга шен чкъор, я цIоькъе дIадахалур дуй шена тIера томмагIаш? Иштта вонаш дан Iемина долчу шуьга далур дуй дика хIума? [24] Везачу Эло боху: «Аса дIасадаржор ду шу, яьссачу аренгарчу мохо дIасаяржош йолу кегаш санна. [25] Иштта кхаж баьлла хьан, Аса хьуна билгалбаькккхина кхоллам бу иза, – боху Везачу Эло, – Со виц а вина, харцделанех хьо тешна Iаш хиларна. [26] Аса-айса хьан кучан юх хьан юьхь тIе хьалатосур ю, хьан бехке меттиг массарна а дIагайта. [27] Суна гина хьан боьха лелар а, говр санна, хьо оре еана хилар а, гунаш тIехь а, аренашкахь а ахь лелийна хьан

кхахьпалла а. Суна гина хьан дегаза цIушна Iамалъяр. Ма бала богIур бу хьуна тIе, Ярушалайм. Ма кестта цIанъелла дIахIуттур яц хьо».

### Йокъа а, харцпайхамарш а

14 ХIара дош Везачу Элера Ярми-ЯхIуга йокъа бахьана долуш кхечира:
2 «ЯхIуд-мохк боьлхуш бу,
цуьнан гIаланаш маргIалъюлу.
Церан нах, тийжаш, Iохкуш бу,
Ярушалаймера орца ду доккхуш.
3 Хьолахоша шайн ялхой хи дан бохуьйту.
Уьш гIунаш тIе бахча,
царна хи ца карадо.
Яьссачу кхабанашца уьш юхабоьрзу.
Дог а доьхна, юьхьIаьржачу а хIиттина,
цара шайн кортош къайладоху.
4 ДогIа ца дарна,
латта лилхина.
латталелорхой дог доьхна лаьтта,
цара кортош тIе хIума туьллу.
5 Ур-атталла арахь болчу сено а,
ша йина йолу кIорни юьту,
цунна яла буц йоцу дела.
6 Акха варраш а ду ерзинчу лакхенашкахь лаьтташ,
чангIалкхаша санна, шайн мерех хIаваъ чууьйзуш.
Церан бIаьргаш кхоьлина бу,
яа буц цахилар бахьана долуш».
7 Тхан къиноша тхуна дуьхьал тоьшалла дахь а,
ва Веза Эла, Хьайн цIеран дуьхьа гIо дехьа тхуна.
Тхан ямарта хилар дукхазза а хилла.
Хьуна дуьхьал къинош летийна оха.
8 Хьо Исраилан халкъан сатийсам хилла лаьтта,
Хьо бохамах тхо *кIелхьардохург* ву.
Ткъа хIунда ву Хьо тхуна хийра стаг санна,
буьйса яккха бен чуван воцу некъахо санна?
9 ХIунда ву Хьо цецваьлла волу стаг санна?
Хьо цхьа а кIелхьарваккха ницкъ боцучу
тIемалочух тера ву.
Амма Хьо, Веза Эла, тхуна юкъахь ву,
Хьан цIе тхуна тIехь лаьтташ ю.
Ма дитахьа тхо Хьайгара гIо доцуш!
10 ХIара боху Везачу Эло оцу халкъах лаьцна: «Цу
нахана дукхадеза Сох къехкар, шайн когаш ца
сацало цаьрга. Цундела Аса уьш тIе ца оьцу. Цара
летийна къинош Суна дагахь лаьттар ду. Цара
летийначу зуламашна Аса царна таIзар дийр ду».
11 Везачу Эло элира соьга: «Оцу халкъан диканна
доIанаш ма де. 12 Цара марханаш кхабахь а, цара
орца даккхаре ладугIур долуш вац Со. Дийнаташ
дагоран я кIен сагIанаш цара Суна дахахь а, Аса
уьш тIеоьцур бац. Мелхо а, туьраца, мацаллица,
Iожаллин уьнца хIаллакбийр бу Аса уьш».
13 ТIаккха аса элира: «Ва Хьалдолу Эла! ЯхIудан
халкъе пайхамарша олуш ду, Ахьа цаьрга иштта
аьлла бохуш: „Нахана мостагIийн тарраш гур дац,
цара мацалла хьоьгур яц. Аса машар латтор бу
хIокху лаьтта тIехь“».
14 ТIаккха Везачу Эло соьга элира: «Цу
пайхамарша Сан цIарах бинарш харцкхайкхамаш
бу. Уьш Аса баийтина а, къобалбина а бац, Аса
цаьрга хIумма а ца элира. Цара бо хаамаш
харцсуьрташна а, даьссачу пальнашна а, шайн
дегнийн Iехорна а тIехь лаьтташ бу. 15 Цундела Веза
Эла волчу Аса Сайн цIарах хаамаш беш болчу цу
харцпайхамарех лаьцна боху: уьш Аса баийтина
бац. Цара Соьгара долуш санна боху, хIокху лаьтта
тIе, герз карахь а долуш, мостагIий богIур бац,
иштта кхузахь мацалла а хIуттур яц. Ткъа и
пайхамарш тур а, мацалла а бахьана долуш лийр
бу. 16 Церан кхайкхамашка ладоьгIнарш
Ярушалайман урамашкахь дIасакхиссина хир бу,
туьро а, мацалло а хIаллак а бина. Уьш дIабохка
стаг а хир вац: я церан зударий а, я кIентий а, я
зудбераш а. Цара лелийначу вонна догIу таIзар
Аса дийр ду царна.
17 ХIара Сан дош цаьрга дIакхачаде:
„Дийнахь а, буьйсанна а, ца соцуш,
Сан бIаьргаш хих бузийла, хIунда аьлча
Сан хьомечу къомана чов йина
Сан йоIстаг йолчунна боккха бохам баьлла.
18 Аренга Со араваьлча,
туьро хIаллакбинарш го Суна,
гIала Со чувеача,
мацалло кIелбитинарш а го.
Пайхамарш а, динан дай а бу
лаьттахула кхетам дIабаьлла лелаш“».

### Везачу Эле до дехар

19 Веза Эла, кхоччуш дIатеттина те Ахьа ЯхIудан халкъ?
Баккъал а дог даьлла те Хьан Цийонах?
Ма чIогIа ю-кх Ахьа тхан дагна йина чевнаш,
ма дац-кх царна дан дарба.
Оха барт хиларе сатийсинера,
амма дика хIума цхьа а гучу ца долу,
тхаьш тодаларе сатийсинера,
амма кхин а доьхнарг тIекхочу.
20 Веза Эла, оха мукIарло до
тхаьш лелийначу Iесачу гIуллакхашна а,
тхайн дайша летийначу къиношна а.
Хьуна дуьхьал оха къа латийна.
21 Веза Эла, Хьайн цIеран дуьхьа, ма таттахьа тхо дIа,
Хьайн сийлаллин *Iарш* сийсаз ма яккхахьа.
Тхоьца Ахьа бина болу барт
дагахь латта а бехьа, боха а ма бехьа.
22 Къаьмнийн цIуйн догIа даийта ницкъ ма ца кхочу.
Ткъа стигалийн бац ницкъ Хьоьгара а доцуш догIа даийта.
И деш верг Хьо ма ву, тхан Веза Дела!
Хьоьца ю тхан массо а дегайовхо,
хIунда аьлча Ахьа деш ду и дерриг а.

## ЯхIудан халкъана тIебогIу бохам

15 [†]Везачу Эло соьга элира: «Муса-пайхамар а, Шамъал-пайхамар а ЯхIудан халкъан дуьхьа Суна хьалха дехарш деш хилча а, Аса цу халкъах къинхетам бийр бацара. ДIалахкахьа Со волчуьра и нах, дIабахийтахьа уьш.
2 [††]Цара „Тхо стенга гIур ду?“ аьлла, хаттар дан тарло хьоьга. ТIаккха цаьрга ала: „Иштта боху Везачу Эло:
‘Iожаллина леринарг
Iожаллина гIур ву,
туьро вен леринарг
туьрана гIур ву,
мацаллех вала леринарг
мацаллина гIур ву,
ткъа йийсаре вигийта леринарг
йийсаре гIур ву.
3 Деа тайпана таIзар дийр ду Аса царна, – боху Везачу Эло, – уьш байъийта тур а, церан декъий дIасаийзадайта жIаьлеш а, стигалара олхазарш а, къиза акхарой а церан декъий даийта.
4 [‡]Дуьненан массо а кхечу пачхьалкхашна ирча масал дина дIахIоттор ю Аса Ярушалайм, яхIудхойн паччахь волчу Хьузакх-ЯхIун кIанта Маннаша динарг бахьана долуш.
5 Цхьаммо а хьох къинхетам бийр бац, Ярушалайм,
цхьа а стаг, дог доьхна, воьлхур вац,
я хьоьгахь хIун хьал ду аьлла, хоттур а дац.
6 Со вити ахь, Ярушалайм, –
боху Везачу Эло, –
ткъа ахьа Суна букъ берзий.
Цундела Аса таIзар дийр ду хьуна,
хьо хIаллак а йийр ю.
Со кIадвелла къинхетамаш бан.
7 КIа мохехь цIандаре терра, Аса уьш
оцу мехкан массо а гIаланашкара аракхуьссур бу.
Сан къоман бераш дIа а даьхна,
Аса уьш хIаллакбийр ма бу,
шайн харцачу новкъах уьш дIа ца бирзина дела.
8 ХIордан йистерачу гIамарал а
дукха хир бу бисина болу зударий.
Делкъахенахь хIаллакдийриг вохуьйтур ву Аса
церан къонахойн наношна дуьхьал.
ЦIеххьана тосур бу Аса
царна тIе кхерам а, къемат а.
9 ВорхI кIант винарг ю са ийзош Iуьллуш.
Цуьнан малх, де суьйренга а далале, чубуьзна,
ткъа иза юьхьIаьржачу а хIоьттина, Iуьллуш ю.
МостагIийн таррашка Аса хIаллакбойтур бу
цунах дийна бисинарш’, – боху Везачу Эло“».

## Ярми-ЯхIу юха а Везачу Эле вистхилар

10 Дагахьбаллам бу суна, сан нана, ахьа со дуьнен
чу ваккхарна: со ву массо а мохк бехке бан безаш
верг. Аса цкъа а нахера декхар а ца даьккхина, я
юхалург а ца делла, амма массара а сардамаш
кхайккхош верг со ву.
11 Везачу Эло жоп делира: «Аса
хьо дикачу Iалашонна билггал паргIатвоккхур ву.
Бохам тIе а беана, бала тIехIоьттинчу дийнахь Аса
хьан мостагIашка хьоьга дехарш дойтур ду.
12 Эчиге я йоьзе дохалур дуй те къилбаседехьара
долу эчиг?
13 ЯхIудан хьал а, хазнаш а Аса цхьа а мах боцуш
мостагIашна дIалур ю. Иза массо а меттехь цара
летийна къинош бахьана долуш хир ду.
14 Аса уьш,
мостагIийн лолле дIа а белла, шайна бевзаш
боцучу махка дIабохуьйтур бу. Сан дералло цIе
латор ю, ткъа оцу цIеро уьш дIакхоллур бу».
15 Веза Эла, Хьо сох кхеташ ма ву. Дагаваийтахьа
Хьайна со, гIо дехьа. Сан дуьхьа бекхам бехьа сан
мостагIашна. Цара со веллал чIогIа собаре ма хила
цаьрца. Хьуна хууш ма ду, со Хьан дуьхьа хьийзош
вуйла!
16 Хьан дешнаш соьга схьакхечира, аса уьш
сайн кийрахь дIадехкина. Оцу дешнаша со ирс
долуш вина, сан дага чохь самукъадалар а
кхоьллина, хIунда аьлча со Хьан долахь ма ву,
массо а ницкъийн волу Веза Дела!
17 Со цкъа а ца
хилла боьлуш, сакъоьруш болчу нахана юкъахь.
Хьан куьйга кIелахь а Iаш, суна уллохь цхьа а
вацара, ткъа нахана долчу эргIадвийларх Ахь
вуьзира со.
18 ХIунда бу те хIара лазам хедар боцу,
хIунда ца йоьрзу те сан чов дIа? Веза Эла, Хьо
соьца Iехош долу татол санна хир ву? Хьо соьца
цатешаме йолу Iовраш санна хир ву?
19 Везачу Эло элира: «Нагахь санна хьо Суна тIе
юхаверзахь, Аса юхаметтахIоттор ву хьо, кхидIа а
хьоьга Сайна хьалха гIуллакх дайтархьама. Нагахь
санна ахь дуьйцург мехала делахь, нагахь санна
иза эрна дацахь, хьо кхин а Сан туркх хир ву. И нах
хьуна тIе оьхуш хир бу, амма хьо царна тIе ваха ца
веза.
20 Оцу нахана хьалха Аса хьо мокхазан берд
санна вийр ву. Уьш хьуна дуьхьал бевр бу, амма
хьо цаьрга эшалур вац, хIунда аьлча Со хьоьца ву,
хьо паргIатваккха а, кIелхьарваккха а. – боху
Везачу Эло. –
21 Аса кIелхьарвоккхур ву хьо вочу
нехан карара а, иштта паргIатвер ву хьо къизачу
нехан карара а».

## Ярми-ЯхIун дахарна болу Делан лаам

16 Везачу Элан дош кхечира соьга:
2 «Ахьа зуда
яло мегар дац, ма хилийта хьайн кIентий а,
зудабераш а хIокху махкахь.
3 Иштта боху Веза Эла
волчу Аса хIокху махкахь бина болчу кIентех а,
йоIарех а лаьцна, цу берийн дайх а, нанойх а
лаьцна:
4 И нах Iожаллин уьнех лийр бу. Церан
декъашна воьлхуш цхьа а хир вац, уьш цхьанна а
метте дIа а бухкур бац. Церан декъий лаьтта тIехь,
кхо санна, Iохкуш хир ду. И нах мостагIийн
тарраша а, мацалло а хIаллакбийр бу, ткъа церан
декъий олхазарша а, акхароша а дуур ду».
5 Цундела иштта боху Везачу Эло: «Тезет долчу
керта ма гIолахь, цигахь кадам а ма белахь, хIунда

† *15:1 а: Арадаккхар 32:11-14; Лелар 14:13-19; б: Шамъал 7:5-9.* †† *15:2 Довзийтинарг 13:10.* ‡ *15:4 ТIаьххьарнаш 21:1-16; 2 Шерашкахь 33:1-9.*

аьлча Аса и къам машарца кхин декъалдийр дац, –
боху Везачу Эло, – царна Сан безам а, къинхетам а
кхин гойтур бац. 6 Махкахь цӀе яхана болу нах а,
къен нах а хӀокху лаьтта тӀехь лийр бу. Цхьаммо а
уьш дӀа а бухкур бац, цхьа а стаг царна воьлхур а
вац. Белларш дагахь латто, цхьаммо а шен дилха
хедор дац, ткъа цхьаммо а коьртара месаш лоргур
яц церан дуьхьа. 7 Беллачарна боьлхуш болчу
нахана цхьаммо а яа хӀума а яхьар яц, церан
догъэцархьама. Цхьаммо а кад кховдор бац цаьрга,
шайн да я нана яларна церан догъэцархьама.
8 Иштта церан тойне а ма гӀолахь, цаьрца дууш,
молуш сакъерархьама». 9 [†]Исраилан Дела волчу
массо а ницкъийн Везачу Эло иштта боху: «Кестта
Аса сацор ду кхузара самукъане аьзнаш а, зударий
балош болчеран а, нускалийн а аьзнаш а. Иза шу
дехачу заманахь хир долуш ду».
10 «Ярми-ЯхӀу, ахьа яхӀудхошка хӀара дӀадийцича,
цара хьайга: „ХӀунда хӀоттийна тхоьга Везачу Эло
хӀара боккха бала, тхоьгара хӀун даьлла, Везачу
Элана хьалха хӀун къинош летийна оха?“ аьлла,
хаттахь, 11 ахьа жоп дала деза: „И шуна хилларг
дӀаяханчу заманашкахь шун дай Сох дӀаберзар
бахьана долуш хилла, – боху Везачу Эло. – Кхечу
деланашна тӀаьхьа а хӀиттина, царна Ӏамал а йора,
царна суждане а оьхура уьш. Со дӀа а теттина, цара
Сан товрат-хьехамаш лар ца бора. 12 Амма аша
шайн дайшачул а чӀогӀа дукха къинош летийна.
Шух хӀорра а шен вочу деган аьрхаллица лелаш ву,
амма Соьга ла ца дугӀу аша. 13 Цундела Аса шу, кху
лаьтта тӀера дӀа а кхиссина, шуна а, я шун дайшна а
девзаш доцучу махка дӀадохуьйтур ду. Цигахь
лелар ду шу дийнахь а, буса а кхечу деланашна
Ӏамал еш, ткъа Аса шух къинхетам бийр бац“».

## Йийсарера юхадерзар

14 «Делахь а, кестта тӀекхочур ю цхьа зама, – боху
Везачу Эло, – Исраилан халкъ Мисар-махкара
арадаьккхинчу дийна волчу Везачу Элах адамаша
кхин чӀагӀо йийр йоцу. 15 Мелхо а Исраилан халкъ
къилбаседехьарачу махкара а, массо а Ша уьш
дӀабахийтина долчу латтанашкара а
юхадерзийначу дийна волчу Везачу Элах чӀагӀо
йийр ю цара. Церан дайшна деллачу лаьтта тӀе
юхаберзор бу Аса уьш».

## Хиндолу таӀзар

16 «Кестта Аса дуккха а чӀерийлецархой хьажор бу
цига, – боху Везачу Эло. – Цара и нах схьалоьцур
бу. Цул тӀаьхьа Аса иччархой бохуьйтур бу, цаьрга
и нах массо а лаьмнашкара а, гунаш тӀера а,
тархашна юккъехь йолчу хераллашкара а
дӀабахийта. 17 Цара мел деш дерг Суна гуш ду.
Цаьрга цхьа а хӀума Сох къайлададаккхалур дац,
церан къинош Сан бӀаьргаш хьалха лаьтташ ду.
18 Уьш юхаметтахӀоттабале, цара лелийначу
зуламашна а, цара летийначу къиношна а догӀург
шозза дӀалур ду Аса оцу нахана, хӀунда аьлча,
декъий санна, са доцучу шайн цӀушца цара Сан
латта бехдина, шайн дегазчу харцделанех цара Сан
долахь дерг дуьзна».

## Ярми-ЯхӀус дина доӀа

19 Веза Эла! Хьо ву сан ницкъ а, сан ондалла а, де
доьхначу дийнахь сан дӀалечкъийла а! Хьо волчу
догӀур ду къаьмнаш дуьненан массо а маьӀӀера.
Цара эр ду: «Тхан дайн харцделанаш хилла, уьш
царна Ӏамал еш а хилла. Амма цу цӀуша царна цхьа
а тайпана гӀо ца дина. 20 Йиш юй адамийн шайна
деланаш кхолла? Уьш куьйга дина суьрташ ма ду,
церан деланаш хила йиш а ма яц!»
21 «Цундела Аса и нах Ӏамор бу. Аса гойтур ю
царна Сайн нуьцкъалалла а, гӀора а. ТӀаккха хуур ду
царна Со Веза Эла вуйла!»

## ЯхӀудхоша латийна къа а, цунна догӀу таӀзар а

17 Везачу Эло боху: «ЯхӀудан халкъан къа аьчка
уьрсаца дӀаяздина ду тӀулгах динчу нехан
дегнашна тӀехь. Церан къа мокхазца хедийча
санна ду сагӀа доккхучу кхерчийн маӀаш тӀехь.
2 Церан берашна массо а ханна дагаоьху шаьш
кечйина йолу сагӀа доккху меттигаш а, Ашера-
далла лерина болу шайн дечиган бӀогӀамаш а. Ма
„хаза“ дӀахӀиттийна бу уьш баьццарчу дитташна
уллохь а, лекхачу гунаш тӀехь а, 3 лаьмнаш тӀехь а,
аренашкахь а! Шун хьал а, массо а хазнаш а Аса
цхьа а мах боцуш мостагӀашна дӀалур ду. Иза массо
а меттехь аша летийна къинош бахьана долуш хир
ду. 4 Аса шу, мостагӀийн лолле дӀа а делла, шайна
бевзаш боцучу махка дӀадохуьйтур ду, хӀунда аьлча
аша Сан оьгӀазаллин цӀе самаяьккхина. И цӀе массо
а ханна йогур йолуш ю».

## Нахах тешар а, Делах тешар а

5 Иштта боху Везачу Эло:
«НеӀалт хир ду, кхечу стагах а тешаш,
цунах шена гӀортор а йина,
шен дог Везачу Элана уллора
дӀадаьккхина лелаш волчунна.
6 Иза яьссачу аренгахь йолу колл санна хир ву.
Диканиг хилча а, цунна иза гур дац.
Яьссачу аренгара екъачу меттигашкахь а,
адамаш ца дехачу лаьттахь а Ӏийр ву иза.
7 Декъала хир ву Везачу Элах тешаш верг а,
шен тӀетовжа меттиг – Веза Эла ерг а.
8 [††]И стаг, хин татол долчохь дӀадоьгӀна долчу,
шен орамаш хина уллохь хецна долу дитт санна
хир ву.
Цунна ца хаало йовхо тӀееача.
Цуьнан гӀа баьццара лаьтта.
Иза йокъанах а ца кхоьру,
шена тӀе стом ца латош а ца хуьлу.

† *16:9 Ярми-ЯхӀу 7:34; 25:10; Довзийтинарг 18:23.*

†† *17:8 Забур 1:3.*

9 Мекара ду адаман дог,
чIогIа телхина а ду иза.
Цунна чохь дерг цхьанна а ца хаьа.
10 †Амма Веза Эла волу Со
цуьнан даг чохь дерг хаа йиш йолуш ву,
цуьнан тешар зен йиш йолуш а ву,
цу нахана царна доггIург дIадалархьама».
11 Моша кхечу олхазарша дина долчу
хIоаш тIе тевна даккха охьахоу.
Иштта ву хьарам хьал гулдина волу стаг.
Шен дахар юккъе даьлча, иза и хьал дита дезаш а хир ву,
шен дахар чекхдолучу хенахь юьхьIаьржачу а хIуттур ву.
12 Далла лерина долу оха дина деза цIа
дуьххьара дуьйна хьалаайина йолу *Iарш* санна ду.
13 Веза Эла, Хьо Исраилан сатуьйсийла ю.
Хьо витинарш юьхьIаьржачу хIуьттур бу.
Хьох дIабевллачеран цIераш эхарте дIаязйина ю,
хIунда аьлча шайна цIеначу хин хьоста
хилла лаьттина волу Веза Эла цара витина.

### Ярми-ЯхIун доIа

14 Дарба дехьа суна, Веза Эла, тIаккха со толур
вара. КIелхьарваккхахьа со, Веза Эла, со
кIелхьарвер вара. Хьо ву аса хастамаш беш Верг.
15 Цара соьга боху: «Мичахь ду Везачу Эло хир ду
аьлларг? Цо аьлларг кхочушхуьлийла!»
16 Царна воніг дан Аса Хьо сихвина вацара ††,
бохаман де тIекхачаре сатесна а вацара. Хьуна иза
хууш ма ду. Сан багара даьлла дош Хьуна хьалха
дIадиллина ма ду. 17 Ма хилахьа суна кхераме, де
эшначу дийнахь Хьо сан тIетовжийла ма ю.
18 ЮьхьIаьржачу хIиттабехьа сан мостагIий, ткъа со
юьхькIайчохь хилийтахьа. Човхабехьа уьш, ткъа со
паргIат хилийтахьа. Царна тIе бохаман де
тIедаийтахьа, уьш кхоччуш хIаллакбехьа.

### Далла лерина шоьтан де ларарх лаьцна

19 Везачу Эло соьга элира: «Ваха а гIой,
Ярушалаймерчу халкъан ков долчохь дIахIотта,
яхIудхойн паччахьаш чу-ара буьйлучу меттехь.
Иштта Ярушалайман массо а кевнаш долчу кхача
хьажа. 20 Цигарчу халкъе хаам бе: „ЛадогIа Везачу
Эло бохучуьнга, яхIудхойн паччахьаш а, ЯхIуд-
махкара дерриг халкъ а, гIалин кевнийн
неIаршкахула чу мел богIу Ярушалайман бахархой
а! 21 ‡Иштта боху шуьга Везачу Эло: ‘Шайн синош
лардархьама, шоьтан садоIучу дийнахь
Ярушалайман кевнаш чухула цхьа а тайпана мохь
дехьа-сехьа ма баккха. 22 ‡†Иштта шайн
хIусамашкара шоьтан дийнахь мохь ара а ма
баккха, цхьа а тайпана белхаш а ма бе. Аса шайн
дайшна тIе-ма-диллара, шоьтан де аша Суна
лерина хилийта деза. 23 Амма шун дайша Соьга ла
ца дуьйгIира, Со тергал а ца вира. Бухахьа а
бевлла, Соьга ладогIа а, Аса уьш нисбар а ца
лаьара царна.
24 Нагахь санна аша Аса хIинца бохучуьнга ла ца
догIахь, – боху Везачу Эло, – хIокху гIалин
кевнашкахула шоьтан дийнахь мохь чу ца
кхоьхьуш шу сацахь, и де аша цхьа а тайпана болх
ца беш Суна лерина ца хилийтахь, 25 тIаккха кху
гIалин кевнаш чухула Дауд-паччахьан тIаьхьенах
схьабевлла паччахьаш а, элий а Ярушалайман
кевнах чекхбевр бу. Уьш а, церан тхьамданаш а
шайн гIудалкхаш тIехь а, говрашна тIехь а богIур
бу, ЯхIудан халкъаца а, Ярушалайман бахархошца
а цхьаьна. Ткъа Ярушалайм абаденналц лаьттар ю.
26 ЯхIуд-махкарчу массо а гIаланашкара а,
Ярушалайм-гIалина гонахарчу ярташкара а, Бен-
Яманан тайпанан махкара а, малхбузерчу
акъарера а, лаьмнашкара а, ЯхIуд-мехкан
къилбехьара а дийнаташ дагоран сагIанаш, кIен
сагIанаш, хаза хьожа йогIучу хIуманийн сагIанаш,
баркаллин сагIанаш *Делан цIа* долчу схьадахьар
ду. 27 Нагахь санна шу, шоьтан дийнахь
Ярушалайман кевнаш чухула маххьаш чу а
кхоьхьуш, и де Суна лерина а ца хуьлуьйтуш, аша
Соьга ла ца догIахь, Аса Ярушалайман кевнашкахь
цIе латор ю. Аса кху гIалахь мел йолу гIепаш
ягийна дIайохур ю, ткъа цхьаннен а иза дIаяйа
йиш хир яц’“».

### Ярми-ЯхIу куьпчичун цIахь

18 Ярми-ЯхIуга Везачу Элан хIара дош кхечира:
2 «Куьпчи волчу цIа гIо, цигахь Сайн дош
кхочуьйтур ду хьоьга». 3 Со куьпчи волчу чу вахача,
иза шен чарха тIехь болх беш вара. 4 Цо еш йолу
поппаран пхьегIа йоьхна дIаелира, цуьнан карахь
йоллушехь. Эццахь цу куьпчичо шен куьйгашца
шена луучу кепара кхин пхьегIа йира оцу поппарх.
5 ТIаккха Везачу Элера хаам кхечира соьга:
6 «Исраилан тIаьхье, цу пхьеро диннарг Соьга а
шух далур дац те? – боху Везачу Эло. – Хьо Сан
карахь куьпчичун поппар санна ма ю, Исраилан
тIаьхье. 7 Нагахь санна цхьана хенахь цхьа къам я
пачхьалкх орамашца дIа а яьккхина, йоха а йина,
хIаллакйина хир ю аьлла, Аса дIахьедар дахь,
8 амма и къам ша лелийначу вонах дIадерзахь,
тIаккха Аса, дохко а ваьлла, Айса царна лерина
бохам бийр бац. 9 Нагахь санна вукху хенахь цхьа
къам я пачхьалкх, юхаметтахIоттар а деш,
орамашца иза дIадогIа деза аьлла, Аса дIахьедар
дахь, 10 амма оцу къомо, Суна хьалха воніг а
лелош, Соьга ла ца догIахь, тIаккха Аса, дохко а
ваьлла, Айса дагалаьцна диканиг царна дийр дац.
11 Цундела дIаала ЯхIудан халкъе а, Ярушалайман
бахархошка а: „Везачу Эло боху, Ша шуна дуьхьал
воніг дан а, шуна бохам бан а кечлуш ву. Цундела

† *17:10 а: Довзийтинарг 2:23; б: Забур 61:13.* †† *Грекийн гочдар тIехь: *Царна воніг дан Аса Хьо сихвина вацара. *Iебархойн тептар тIехь: *Хьох дIа а ваьлла, Со Хьан Iу хиллачуьра сихвелла вацара.** ‡ *17:21 Нахьми-ЯхIу 13:15-22.* ‡† *17:22 Арадаккхар 20:8-10; Карлабаьккхинарг 5:12-14.*

шаьш мел лелош долу вон хIуманаш а дитий,
шаьш лела некъаш нисде“. 12 Амма халкъо эр ду:
„Цу хIумане са а ма тийса. Оха тхайна луъург дийр
ду. ХIора стага шен вочу, аьрхачу даго боххург дийр
ду“».

### Наха Веза Эла дIататтар

13 Цундела иштта боху Везачу Эло:
«Кхечу халкъашна юкъахь хаттал,
цкъа а хезний царна кхунах тера долу хIума дуьйцуш?
Инзаре ирча хIума дина
йоIстаг санна долчу Исраилан халкъо.
14 Цкъа а Ливанун-лаьмнийн басенийн тархех ло къайладолий те?
Цкъа а соций те генарчу оцу лаьмнашкара охьаоьхуш долу шийла хиш?
15 Сан халкъана-м Со вицвелла.
Эрначу цIушна сагIанаш доху цара.
Цундела когаш тийсалуш лелаш бу уьш
шаьш дIакхоьхьуш долчу некъаш тIехь.
Шайн дайн ширачу некъаш тIера дIабевлла уьш,
нийса доцучу паначу некъаш тIе бовлархьама.
16 Сан халкъан мохк бассийна хир бу,
гуттаренна а цунах кхаьрдар бу.
Махка тIехула лелаш мел верг,
инзар а ваьлла, корта лестош хир ву.
17 Малхбалехьарчу мохо санна,
дIасадаржор ду Аса и халкъ цуьнан мостагIашна хьалха.
Царна бохам тIекхаьчначу дийнахь,
Сайн юьхь ца гойтуш, букъ берзор бу Аса царна».

### Ярми-ЯхIуна дуьхьал бартбар

18 ТIаккха цхьаболчара элира: «Дуьйло, Ярми-
ЯхIуна дуьхьал барт бийр бу вай! *Товрат-хьехам*
тхуна Iамочу динан дайн а, хьехамаш бечу
хьекъалчийн а, Делера болу хаам бечу
пайхамарийн а цатоар цкъа а хир дац. Вало, Ярми-
ЯхIуна дуьхьал бехкаш далор ду вай, цуьнан
дешнаш тергал а дийр дац вай».
19 ЛадогIахьа, Веза Эла, аса бохучуьнга, сан
мостагIаша бохург дIахазахьа. 20 Дан дезий те
диканна дуьхьал вониг? Делахь а цара ор
даьккхина, со вейтархьама. Дагадаийтахьа со
Хьайна хьалха лаьтташ хилар, церан дуьхьа Хьуна
диканиг дуьйцуш, Хьоьга Хьайн дералла царна
тIера дIаяккхийтархьама. 21 Цундела хIоттаехьа
церан берашна мацалла, довзийтахьа царна тур а.
Церан зударий берех бовлийла, иштта бисина а
Iойла уьш. ХIаллакбойла церан майранаш а, ткъа
церан къонахой тIамехь туьраца байийла.
22 Тийжарш хезийла церан цIенош чуьра, Ахьа
цIеххьана уьш болчу мостагIий балийча, хIунда
аьлча цара суна кIело йина, къайлаха сан когашна
бухахь бойнаш а тесна. 23 Амма Хьуна, Веза Эла,
хууш ду цара суна дуьхьал бартбар. Уьш со вен
гIерташ бу. Цара летийна къинош дIа ма дахахьа,
цара динчу зуламашна геч ма дехьа. Хьуна хьалха
уьш эшийна хуьлийла. Хьо оьгIазвахханчохь дехьа
царна таIзар.

### Йохийна кхаба

19 Везачу Эло иштта элира: «Куьпчичуьнгара
поппарх йина кхаба эца. Халкъана юкъара а,
динан дайшна юкъара а къаной хьайца схьаэца.
2 †Йоьхначу Кхабин кевнна уллорачу Бен-ХIинам-
тогIи йолчу а гIой, Аса хьайга аьн дерг халкъе
дIадийца. 3 Цаьрга дIаала: „ЛадогIа Везачу Эло
бохучуьнга, яхIудхойн паччахьаш а, Ярушалайман
бахархой а! Шуьга массо а ницкъийн Веза Эла
волчу Исраилан Дала боху: хIокху лаьтта тIе Аса
боккха бохам кхочуьйтур бу. И хIума хезна волчу
муьлххачу а стеган лере зов догIур ду. 4 Цара Со а
витина, хIара хийра меттиг яр бахьана долуш хир
ду и хIума. Шайна а, шайн дайшна а, иштта
яхIудхойн паччахьашна а бевзаш боцучу
харцделанашна цара сагIанаш дохура. ХIара
меттиг бехк боцучеран цIийца юьзира цара.
5 ††Гунаш тIехь цара БаIална сагIа доккху меттигаш
кечйира, цигахь шайн кIентий, БаIална лерина
долу дагоран сагIа санна, цIерца багорхьама. И
хIума Аса царна тIе ца диллина, ткъа иза Суна
дагадеана а дац. 6 Цундела, варелаш! – боху Везачу
Эло, – тIекхочур ю цхьа зама, адамаша хIокху
меттиган Тупат, я Бен-ХIинам-тогIи аьлла, цIе
йоккхур йоцу. Кху меттиган цIе Байаран ТогIи
аьлла хир ю. 7 Оцу меттехь Аса ЯхIуд-махкарчу а,
Ярушалаймерчу а наха мел леринарг дохор ду. Аса
уьш мостагIийн туьре хIаллакбойтур бу, уьш байъа
гIерташ болчеран кара Аса уьш дIалур бу, ткъа
церан декъий олхазарийн а, акхаройн а даар хилла
дIахIуттур ду. 8 Аса йохийна дIайоккхур ю хIара
гIала, цунах берриш а кхаьрдар бу. Цунна уллохула
тIех мел волучо, инзар а ваьлла, шок еттар ю,
кхузахь мел бина бохамаш шена гича. 9 МостагIийн
ардангаша, нах байа а гIерташ, го бийр бу гIалина.
ГIалахь мацалла а хIоьттина, нах чIогIа дог доьхна
хир бу. Аса цаьрга вовшийн декъий доуьйтур ду.
Наха ур-атталла шайн кIентий а, йоIарий а буур бу“.
10 Хьайца болчарна хьалха кхаба йоха а яй,
11 цаьрга дIаала: „Иштта боху массо а ницкъийн
Везачу Эло: ХIара къам а, хIара гIала а юха
меттахуттийла доцуш, кхаба йохош санна, дохор ду
Ас. Белларш Тупатехь а дIабухкур бу, кхечу меттехь
уьш дIабохка меттиг ца хиларна. 12 И хIума дийр ду
Аса кху меттигна а, цуьнан бахархошна а, – боху
Везачу Эло. – ХIара гIала Тупатах тарйина
дIахIоттор ю Аса. 13 Ярушалаймера цIенош а,
яхIудхойн паччахьийн цIенош а – шайн цIенойн
тхевнашна тIехь стигалийн ницкъашна кIур тоьхна
а, кхечу деланашна чагIаран сагIанаш даьхна а

† *19:2 ТIаьххьарнаш 23:10; Ярми-ЯхIу 7:30-32; 32:34, 35.* †† *19:5 Iамалъяр 18:21.*

долу массо а цIенош – Тупат санна, Далла хьалха боьха хир ду“».
[14] Делера болу хаамаш бан Везачу Эло ша вахийтина йолчу Тупатера Ярми-ЯхIу юхавирзича, иза, Делан цIийнан керта а вахана, дерриге а халкъе вистхилира: [15] «Иштта боху массо а ницкъийн Веза Эла волчу Исраилан Дала: „Хьовсал, хIокху гIалина а, цунна гонах йолчу ярташна а Аса хьалха аьлла болу массо а бохамаш бийр бу, хIунда аьлча уьш бухахьа а бевлира, Сан дешнашка царна ладогIа а ца лиира“».

### Ярми-ЯхIу а, Пашихьур а

20 *Динан да* а, Везачу Элан цIийнан уггар лакхара хьаькам а волчу Амиран кIанта
Пашихьура, шена Ярми-ЯхIус Делера болу и
хаамаш беш хезча, [2] Ярми-ЯхIу-пайхамарна
еттийтира. ТIаккха цо, Ярми-ЯхIу Везачу Элан
цIийнан кертахь долу Бен-Яманан лакхара ков
долчу а вигийтина, цунна дечиган буржалш
тохийтира. [3] †Амма шолгIачу дийнахь, буржалш дIа
а даьхна, Пашихьура иза дIахийцира. Ярми-ЯхIус
цуьнга элира: «Везачу Эло хьан цIе Пашихьур
аьлла ца тиллина, амма Массанхьа а долу къемат ††
аьлла тиллина. [4] ХIунда аьлча иштта боху Везачу
Эло: „Аса хьох хьуна хьайна а, хьан доттагIашна а
хьалха къемат дийр ду. Уьш шайн мостагIчун туьро
хIаллакбийр бу, и хIума хьан бIаьргашна гур а ду.
Аса берриг а ЯхIудан халкъ Бавелан паччахьан
кара дIалур ду, цо цхьаберш Бавел-махка дIабуьгур
бу, кхиберш хIаллакбийр бу. [5] Кху гIалин массо а
бахам церан мостагIийн кара дIалур бу Аса.
Къахьегарца гIалин халкъо мел гулдинарг а, гIалин
массо а еза хIуманаш а, яхIудхойн паччахьийн
хазна а мостагIийн кара дIалур ю Аса. Цара и массо
а хIума хIонс санна Бавеле дIахьур ю. [6] Хьо а,
Пашихьур, хьан цIахь мел верг а йийсаре вуьгур
ву. Бавеле дIавигначул тIаьхьа хьо лийр ву, цигахь
хьо а, хьан массо а доттагIий а, ахьа шайна
харцахьа пайхамаралла дина болу, дIабухкур бу“».

### Пайхамаран латкъам

[7] Веза Эла, Ахьа со Хьайна тIеозийна,
ткъа со Хьох Iехавелла.
Хьо сол ницкъ болуш ву,
Ахьа со эшийна.
Со массарна а хьалха белам хилла,
нах сох массо а дийнахь кхаьрдаш бу.
[8] Со вист мосазза хуьлу,
Аса, мохь а бетташ, кхойкху:
«Къизалла а, хIаллакьхилар а хир ду».
Везачу Элера болу и хаам ас барна,
наха со сийсаз а во, сох массо а дийнахь кхаьрда.
[9] ТIаккха аса сайга элира: «Вицвийр ву аса Веза Эла,
бийр бац аса Цуьнан цIарах хаамаш».
Амма сан кийрахь Цуьнан дош, цIе санна, догура,
сан даьIахкашкахь дIахьулйина цIе санна, иза летара.
Со хIоьттинера иза сайгахь сецо гIерташ,
соьга иза кхин сеца а ца лора.
[10] Дукххахболчеран шабар-шибарш хеза суна:
«Массанхьа а вайна къемат ду!
Вай иза емалван ма веза!»
Соьгара гIалат даларе а хьоьжуш,
сан массо а доттагIаша боху:
«Иза Iехо мегар ву.
ТIаккха иза эшор ву вай,
цунна бекхам а бийр бу».
[11] Амма соьца Веза Эла ву, Иза ницкъболу тIемало санна ву.
Цундела сан мостагIийн ког тасалур бу,
цаьрга со эшалур а вац.
Церан Iалашо кхочушхир яц,
уьш юьхьIаьржачу хIуьттур бу.
Церан эхь цкъа а дицдийр дац,
иза абаденналц лаьттар ду.
[12] Массо а ницкъийн Веза Эла!
Хьо бакъахьара леларш зуьйш ву,
нехан даг чохь дерг Хьуна дика го.
Айхьа царна бекхам беш гайтахьа суна,
сан гIуллакх аса Хьан кара дIаделла дела.
[13] Лекхийша эшарш Везачу Элана!
Хастамаш бейша Везачу Элана!
Цуьнга бен ваккхалур вац мисканиг
зуламечу стеган карара.
[14] ‡Сардам буллу аса со винчу денна!
Декъаза хуьлда сан нанас со дуьнен чу ваьккхина де!
[15] НеIалт хуьлда: «Хьуна кIант вина!» аьлла,
кхаъ а баьккхина, сан дена хазахетийтинчу стагана.
[16] Везачу Эло къа ца хетарца йохийначу
гIаланашна хилларг хуьлийла цу стагана.
Хезийла цунна Iуьйранна орца даккхар,
ткъа делкъахенахь тIеман маьхьарий,
[17] сайн ненан кийрахь со ца вуьйш витарна,
сан нана суна каш хилла ца йитарна,
со дуьнен чу ца волуш ца витарна!
[18] ХIунда ваьлла те со сан ненан кийрара ара?
Деган Iийжамаш, бохамаш бен суна гина хIумма а ма дац!
Ткъа сан дахар юьхьIаьржачу хIоттарца чекхдер ду.

### Ярушалайм эшор хиларх лаьцна аьлларг

21 Ярми-ЯхIуга Везачу Элера хаам кхечира. Иза дара яхIудхойн паччахь волчу ЦIадукъ-ЯхIус
и волчу Малки-ЯхIун кIант Пашихьур а, иштта
МаIсей-ЯхIун кIант *динан да* волу Цапни-ЯхIу а
хIара хабар эцна вахийтинчу хенахь: [2] ‡‡«Дехар

† *20:3 Забур 30:14.* †† *Iебархойн маттахь цуьнан цIе «Магур-Масибуба» хилира, амма оцу цIеран маьIна «Массанхьа а долу къемат» ду.**

‡ *20:14-18 Аюб 3:1-19.* ‡‡ *21:2 ТIаьххьарнаш 25:1-11; 2 Шерашкахь 36:17-21.*

дехьа тхох лаций Везачу Эле, хIунда аьлча
бавелхойн паччахь волу Набухди-Нецар тхуна
дуьхьал тIом беш ву. Везачу Эло тхан дуьхьа, Ша
хьалха ма-дарра, Iаламат дан там бу, Набухди-
Нецар † тхуна дуьхьал ваьллачуьра дIа а
волуьйтуш».
3 ТIаккха Ярми-ЯхIус цаьрга элира: «ЦIадукъ-
ЯхIуга иштта дIаала: 4 „Исраилан халкъан Везачу
Дала боху: Шун карахь болу тIемалой гIалина го
бинчу бавелхойн паччахьца а, хашадхошца †† а
хIинца гIалин пенашна арахула тIом беш бу. Амма
Аса и тIемалой гIалин юккъе юхаберзор бу. 5 Аса-
Айса бийр бу шуна дуьхьал тIом, кховдийначу
куьйгаца а, нуьцкъалчу пхьаьрсаца а, Сайн
оьгIазаллица а, дераллица а, чIогIачу моханца а.
6 Аса тухур ю Ярушалаймехь бехаш болчарна –
адамашна а, бежанашна а. Iожаллин ун бахьана
долуш лийр бу уьш. 7 Цул тIаьхьа, – боху Везачу
Эло, – яхIудхойн паччахь волу ЦIадукъ-ЯхIу а,
цуьнан тхьамданаш а, цу гIалара Iожаллин уьнах а,
туьрах а, мацаллах а кIелхьардаьлла долу халкъ а
дIалур ду Аса бавелхойн паччахь волчу Набухди-
Нецаран кара а, уьш байа лууш болчу церан
мостагIашна а. Набухди-Нецара уьш туьраца
хIаллакбийр бу. Цо уьш кхоор а бац, царах къа а
хетар дац, къинхетам а бийр бац“.
8 Цу халкъе кхин а дIаала: „Иштта боху Везачу
Эло: ‘ХIинца Аса шуна дахарна тIебоьду некъ а,
Iожаллина тIебоьду некъ а дIакховдабо. 9 ХIокху
гIалахь виснарг туьро, мацалло, я уьно
хIаллаквийр ву. Амма Ярушалаймера ара а ваьлла,
гIалина го бинчу хашадхойн каравахнарг дийна
вуьсур ву. Цо шен дахар кIелхьардаьккхина хир ду.
10 Аса сацам бина хIокху гIалина бохам баккха, Аса
цунна диканиг дийр дац, – боху Везачу Эло. –
Ярушалайм-гIала бавелхойн паччахьан кара дIалур
ю, ткъа цо иза цIергахь ягор ю’“».

### ЯхIудхойн паччахьан цIенна лерина йолу кхел

11 ЯхIудхойн паччахьан цIийнах лаьцна Везачу
Эло суна тIедиллира иштта дIаала аьлла: «Везачу
Элера болчу хааме ладогIа! 12 Даудан тIаьхье!
Везачу Эло иштта боху: хIора дийнахь кхел е, гIело
хуьлуш верг цуьнан мостагIчух кIелхьар а воккхуш.
Иза аша ца дахь, Сан дералла, цIе санна, летар ю,
аша лелош долу вониг бахьана долуш. Сан
оьгIазалла йогуш хир ю цхьаьнгге а дIаяйалур
йоцучу тайпана. 13 ТогIин яхархо йолу Ярушалайм-
гIала, тIапломахь лаьтта *тарх*, хьуна дуьхьал
ваьлла Со, – боху Везачу Эло. – Аша боху: „Тхуна
дуьхьал цхьа а вер вац, тхан дIалечкъийла
цхьаммо а дIалоцур яц“. 14 Аша динчу гIуллакхе
хьаьжжина таIзар а дийр ду шуна, – боху Везачу
Эло. – Аса шун паччахьан цIахь цIе латор ю, цо
гонах мел долу хIума дагор ду».

### ЯхIудхойн паччахьан цIенна Ярми-ЯхIус бина хаам

22 Везачу Эло иштта боху: «ЯхIудхойн
паччахьан цIа а гIой, цигахь хIара дешнаш
дIаала: 2 „Дауд-паччахьан тIаьхьенах волу
яхIудхойн паччахь, ладогIа Везачу Элера болчу
хааме – ахь а, хьан тхьамданаша а, хIокху
кевнехула дIасалелаш долчу хьан халкъо а ладогIа!
3 Иштта боху Везачу Эло: ‘Бакъдерг а, нийсо а
лелае, гIело йинарг гIело еш волчух ларве,
тIевеаначу стагана гIело ма е, иза дIа а ма тетта,
бай а, бисина Iаш болу зударий а ларбе, бехк
боцучун цIий а ма Iанаде хIокху меттехь. 4 Шайга
аьлларг деш шу хилахь, Дауд-паччахьан тIаьхьенах
болу паччахьаш хIокху паччахьан цIенойн
кевнехула чуоьхур бу. Уьш шайн тхьамданашца
цхьаьна, гIудалкхашна а, говрашна а тIе а
хийшина, кхузахула чубогIур бу. 5 ‡Амма хIокху
дешнашка аша ла ца догIахь, Аса Сайх дуй боу, –
боху Везачу Эло, – хIара цIа Аса дассор ма ду’“».
6 ЯхIудхойн паччахьан цIийнах лаьцна Везачу
Эло иштта боху: «ГалIад-мохк я Ливанун-лам санна
хаза хьо Суна хетахь а, шен гIаланашкахь цкъа а
адам дехаш йоцу яьсса аре санна йийр ю Аса хьох.
7 Аса шуна шу хIаллакден берш бохур бу шуна
дуьхьал, хIораннан а карахь герз а долуш. Ткъа
цара хьан уггар дика долу баганан дитташ, схьа а
дохуш, цIерга кхуьссур ду.
8 Кхечу къаьмнех дуккха а наха, шаьш хIокху
гIалина уллохула тIехдуьйлучу хенахь, вовшашка
хоьттур ду: „ХIунда дина те Везачу Эло хIокху
тайпана гIуллакх хIокху йоккхачу гIалина?“ 9 Царна
жоп луш, эр ду: „Иза дина, шайн Везачу Дала бина
барт дIа а теттина, кхечу деланашна Iибадат а деш,
царна Iамал а еш, уьш лелла дела“».

### Шалумах лаьцна болу Делера хаам

10 Веллачу паччахьах белхар а ма хIиттаде,
иза дIакхалхарх тийжарш а ма хIиттаде.
ХIетте а, даггара тийжа цуьнан кIантана,
хIинца йийсаре дIавуьгуш волчу,
иза кхин цкъа а цIа ца верзарна а,
ша вина мохк цунна кхин ца гарна а.
11 ‡†Везачу Эло яхIудхойн паччахь волчу Юши-
ЯхIун кIантах Шалумах ‡‡ (шен да волчу Юши-ЯхIул
тIаьхьа паччахь а хилла иза, кху меттера йийсаре
дIавигна а ву) лаьцна иштта боху: «Иза цкъа а кху
метте юхавоьрзур вац. 12 Иза мисархоша ша
дIавигначу меттехь лийр а ву, цунна хIара мохк
кхин гур а бац».

† Iебархойн тептар тIехь: *Набухди-Рецар. *Иза Набухди-Нецар-паччахьан кхин цIе ю.* †† Хашадхошца *– уьш Бавел-гIалина къилбехьа болчу махкахь Iаш хилла, ткъа Набухди-Нецар царах схьаваьлла. Ярми-ЯхIу-пайхамаран тептар тIехь бавелхошна юх-юха хашадхой олуш ду.*

‡ 22:5 Маттай 23:28; Лака 13:35. ‡† 22:11 ТIаьххьарнаш 23:31-34; 2 Шерашкахь 36:1-4. ‡‡ Шалум *– цуьнан кхин цIе «Юахьаз» ю.*

### ЯхIу-Якхамах болу Делера хаам

[13] Декъаза ву шен паччахьан цIенош хьарамлонца дийриг,
цIенойн лакхара чоьнаш харцонца йийриг,
шен махкахошка маьхза къахьоьгуьйтург,
цара бинчу балхана алапа ца лург.
[14] Цо боху: «Аса сайна доккха цIа дийр ду,
шена чохь паргIат чоьнаш а йолуш».
Цо даккхий кораш а доху,
пенаш баганан дечигца кечдо,
царна цIен басар а хьокху.
[15] Кхечарал айхьа баганан диттах дико чоьнаш кечйича,
хьо паччахь хир ву моьтту хир ду хьуна?
Хьан ден, кхечеран санна, даар-малар дара,
амма цо нийсо а, бакъдерг а лелайора,
ткъа цундела цуьнан аьтто хуьлура.
[16] Къен а, миска а волчун гIуллакх
цо нийсонца къастадора.
Цундела иза дика вехаш вара.
Иза дац те Со вовзар? –
боху Везачу Эло. –
[17] Амма хьан бIаьргаш а, дог а
харцахьа хьайна са яккха а,
бехк боцучеран цIий Iано а,
нахана гIело а, ницкъ бан а
бен тIедерзийна дац.
[18] †Цундела Везачу Эло яхIудхойн паччахь волчу Юши-ЯхIун кIантах ЯхIу-Якхамах лаьцна иштта боху:
«Цхьаммо а, цунна тийжаш, эр дац:
„Маржа-яI сан ваша! Маржа-яI сан йиша!“
Цхьаммо а, цунна тийжаш, эр дац:
„Маржа-яI сан олахо! Маржа-яI сан паччахь!“
[19] Хьо, вир дIа-ма-йоллара, дIавуллур ву,
хьан дакъа, Ярушалайман кевнал
ара а даьккхина, охьакхуссур ду».

### Ярушалаймах лаьцна Делера болу хаам

[20] «Ливанунан лаьмнаш тIе а валий, мохь тоха!
Башан-махкахь мохь а бетта, Ярушалайман халкъ,
Iабариман лаьмнаш тIера хьан аз а айде.
хIунда аьлча массо а хьан бартхой эшийна бу.
[21] Хьо сашортехь бехачу хенахь,
Ас хьоьга дIахьедира,
амма ахьа ладугIур дац элира.
Хьо къона долчу хенахь дуьйна а
ахьа ла ца дугIура Аса бохучуьнга.
[22] Хьан массо а баьчча мохо дIахьур ву,
ткъа хьан бартхой йийсаре буьгур бу.
ТIаккха хьо юьхьIаьржачу хIуттур ву,
айхьа мел лелийна зуламаш бахьана долуш.
[23] Ливанунерчу дечигах йинчу гIалахь вехаш волу хьо,
баганан диттан дечигах динчу цIеношкахь Iаш волу хьо,
ма узарш дийр ду ахь, хьайна бохам тIебеача,
берах хьийзо зудчун лазарш санна хир бу иза!»

### ЯхIу-Яхинна йо Делан кхел

[24] ††«Дийна волчу Сох чIагIо йо Аса, – боху Везачу Эло, – яхIудхойн паччахь волу ЯхIу-Якхаман кIант ЯхIу-Яхин, хьо Сан аьтту куьйган пIелгара мухIар хилча а, Аса хьо цу тIера схьа а ваьккхина, [25] хьан са лоьхуш болчеран кара а дIалур ву, иштта хьо кхоьруш волчу бавелхойн паччахьан Набухди-Нецаран а, хашадхойн кара а дIалур ву. [26] Аса хьо а, хьо вина йолу хьан нана а шу дуьнен чу девлла доцучу хийрачу махка кхуьссур ду, цигахь шу лийр ду. [27] Хьуна хьайн махка юхаверза луур ду, амма хьо цига юхавоьрзур вац».
[28] ЯхIу-Яхин цIе йолу хIара стаг йохийна кхаба санна я цхьанна а ца оьшу кхаба санна ву те? ХIунда лаьллина те иза шен доьзалца царна бевзаш а боцучу хийрачу махка дIа?
[29] Ва ЯхIудан латта! Аса хьоьга чIогIа доьху,
Везачу Элера болчу хIокху хааме ладогIа!
[30] Иштта боху Везачу Эло:
«ДIаязде цу стагах лаьцна,
тIаьхье йоцуш волчу стагах санна,
шен дахарехь аьтто кхин хир боцучух санна,
хIунда аьлча цуьнан тIаьхьенах цхьаммо а,
Дауд-паччахьан цIийнах ша хиларна,
ЯхIуд-махкахь паччахьалла дийр ду».

### Хиндолчух сатийсар

23 «Декъаза бу, Сан уьстагIий хIаллак а деш, дIаса а лоьхкуш лелаш болу Iуй», – боху Везачу Эло. [2] Цундела Шен къомана тIехь Iуналла дан дезаш болчу Iуйшка Исраилан Дела волчу Везачу Эло боху: «Аша Сан уьстагIий дIасалаьхкина, аша царна Iуналла а ца дина. Цундела Аса таIзар дийр ду шуна, – боху Везачу Эло. – [3] Аса уьш дIалаьхкина болчу массо а мехкашкара Сайн дисина долу жа схьа а гулдийр ду, шайн дежийле юха а дерзор ду. Цигахь церан бераш хир ду, церан тIаьхье стам а лур ю. [4] Аса цунна тIехь дола дийр долу Iуй дIахIиттор бу. ТIаккха уьш, кхера а ца кхоьруш, къемат а доцуш, лелар бу, царах цхьа а вийна хир вац», – боху Везачу Эло.
[5] ‡«ТIекхочуш ю цхьа зама, – боху Везачу Эло, – Аса Даудан тIаьхьенах Сайн лаамехь волу цхьа зIийдаг кхиор йолу. Цо хьекъалца паччахьалла дийр ду, хIокху лаьтта тIехь нийсо а, бакъдерг а лелор ду. [6] Цо олалла дечу деношкахь ЯхIудан халкъ паргIат хир ду, ткъа Исраилан халкъ сашортехь Iийр ду. Цуьнан цIе иштта тиллина хир ю: „Тхуна нийсо лелош волу Веза Эла“.

† *22:18 ТIаьххьарнаш 23:36–24:6; 2 Шерашкахь 36:5-7.*

†† *22:24 ТIаьххьарнаш 24:8-15; 2 Шерашкахь 36:9, 10.* ‡ *23:5, 6 Ярми-ЯхIу 33:14-16.*

7 Иштта, тIекхочур ю цхьа зама, – боху Везачу Эло,
– Исраилан халкъ Мисар-махкара арадаьккхинчу
дийна волчу Везачу Элах адамаша кхин чIагIо йийр
йоцу. 8 Мелхо а Исраилан халкъ
къилбаседехьарачу махкара а, массо а Ша уьш
дIабахийтина долчу латтанашкара а
юхадерзийначу дийна волчу Везачу Элах чIагIо
йийр ю цара. Оцу хенахь и халкъ шен латта тIехь
дехар ду».

### Харцпайхамарех лаьцна Делера болу хаам

9 ХIара дешнаш пайхамарех лаьцна ду.
Сан дог кийрара схьаэккха доллуш ду,
сан даьIахкаш егош ю,
со чагIаро вахийна волу стаг санна ву,
Веза Эла а, Цуьнан деза дешнаш а бахьана
долуш.
10 Далла тешаме боцучарах мохк буьзна.
Церан дахар вочунна тIедирзина ду,
цара харцонца нахана шайн ницкъ бо.
Везачу Элан неIалт хилар бахьана долуш,
латта тийжаш ду, яьссачу аренгахь йолу
дежийлаш якъаелла Iохкуш ю.
11 «Пайхамарш а, динан дай а Iеса бу, – боху
Везачу Эло, –
ур-атталла Сайн цIа чохь а церан Iесалла хааелла
Суна.
12 Цундела церан некъ царна хир бу,
боданехь нах шоьршуьйтуш болу.
ДIа а теттина, цигахь уьш охьаэгар бу.
Царна таIзар дечу деношкахь
Аса царна бохамаш хуьлуьйтур бу, –
боху Везачу Эло. –
13 Шамранан пайхамаршна юкъахь
иштта дегаза хIума гина Суна:
цара БаIалан цIарах хаамаш бо.
Сан Исраилан халкъ ледеш ду цара.
14 †Ярушалайман пайхамаршна юкъахь
иштта ирча хIума гина Суна:
ямарта а хуьлуш, цара харцонаш лелайо.
Зуламхошна цара гIо дар бахьанехь,
цхьа а шен Iесаллех дIа ца воьрзу.
Суна хьалха уьш берриш а Седам-гIалин бахархой
санна бу,
ткъа Ярушалаймера нах Суна Iамор-гIалин
бахархой санна бу».
15 ХIара боху массо а ницкъийн Везачу Эло оцу
пайхамарех лаьцна:
«Аса сагал-буц йоуьйтур ю цаьрга,
дIаьвше хи а молуьйтур ду,
хIунда аьлча Ярушалаймера пайхамаршна тIера
массо а лаьтта тIехь Iесалла яьржина».
16 Иштта боху массо а ницкъийн Везачу Эло:
«Шайга хаамаш беш болчу пайхамаршка ла ма
догIа. Цара шу эрначу сатийсарех дузу. Цара беш
берш шайн дегнаш чохь кхоьллинарш бу, Везачу
Элера хаамаш бац. 17 Цара массо а хенахь Сох ца
бешаш болчаьрга олу: „Везачу Эло боху: шу
долчохь машар хир бу“, ткъа шайн аьрхачу
дегнашца лелаш болчаьрга цара олу: „Шуьга бохам
богIур бац“».
18 Царна юкъара мила ву Везачу Элан стигаларчу
гуламехь лаьттинарг, Везачу Эло бохург гуш а,
хезаш а волу? Царна юкъара мила ву, Цуьнга ла а
доьгIна, Цо бохург дIахезнарг? 19 Везачу Элан
дералла, дарц санна, царна тIейогIуш ю, иза
Iесачеран коьрта тIе, йилбазмох санна, южур ю.
20 Везачу Элан оьгIазалла дIаер яц, Ша мел дан
леринарг чекхдаккхалц. ТIедогIуш долчу
деношкахь шу цунах дика кхетар ду.
21 Везачу Эло боху: «И пайхамарш Аса бахкийтина
бац, амма уьш, Сан геланчаш санна, бевдда лела.
Аса царна хIумма а ца дийцира, амма цара Сан
цIарах хаамаш бина. 22 Уьш Сан стигаларчу
гуламехь хиллехьара, цара Сан дешнаш Сан
халкъе дIакхачийна а хир дара, цара и халкъ шен
вочу некъа тIера юьстахдалийтина а хир дара,
зуламе гIуллакхаш дечуьра сацийна а хир дара.
23 Со шуна уллохь волуш бен вац те Дела? – боху
Везачу Эло. – Со шуна генахь хилча а ву шуна Дела,
Со массанхьа а ву! 24 ДIалачкъалур вуй стаг Суна ца
гучу меттехь? – боху Везачу Эло. – Стигалахь я
лаьттахь Со воцу меттиг ю ткъа? – боху Везачу Эло.
– 25 Суна хезна Сан цIарах харцхаамаш беш болчу
пайхамарша бохург. Цара олу: „Суна гIенах гина,
суна гIенах гина“. 26 Мел дахлур ду иза? Дукха лелар
буй те и пайхамарш харцдерг а дуьйцуш, шайн
дегнашкара болу хаамаш а беш? 27 Вовшашка
дуьйцучу гIенаша Сан халкъе Сан цIе йицйойтур ю
моьтту царна, БаIал бахьана долуш церан дайшна
Сан цIе йицъелла ма-хиллара. 28 ГIан гина волчу
пайхамаро, шена гIенах гинарг гIан ду аьлла,
дийца деза, амма шегахь Сан дош долчо, иза ма-
дарра дIадийца деза. Кегаш цIена кIа ма дац! – боху
Везачу Эло. – 29 Соьгара болу хаам цIе санна бу, –
боху Везачу Эло, – иза *тарх* йохош йолу *варзап*
санна бу. 30 Иза иштта хилча, – боху Везачу Эло, –
вовшашкара Сан дешнаш лечкъадеш болчу
пайхамаршна дуьхьал ву Со. 31 Иштта, – боху
Везачу Эло, – шайгара хаамаш беш белахь а,
Соьгара и хаамаш бу бохуш болчу пайхамаршна
дуьхьал ву Со. 32 Харцонех дуьзна гIенаш
дIадуьйцучу пайхамаршна дуьхьал ву Со, – боху
Везачу Эло. – ГIенаш дIа а дуьйцуш, шайн
харцонашца а, Iехорца а цара Сан халкъ тиладо. И
пайхамарш Аса бахкийтина а бац, Аса къобалбина
а бац. Сан халкъана цхьа а тайпана аьтто ца боккху
цара», – боху Везачу Эло.

### Везачу Элера болу мохь

33 «ХIокху халкъо, я пайхамаро, я динан дас
„Везачу Элан хааман мохь хIун бу?“ аьлла, хаттар
дахь, ахьа, Ярми-ЯхIу, цаьрга ала деза: „Шу Везачу
Элан хала мохь бу, иза Цо охьа а тосур бу“, – боху
Везачу Эло. – 34 Нагахь санна пайхамаро, я динан

† *23:14 Доладалар 18:20; Яхьазкхиал 16:49.*

дас, я халкъо „Везачу Элера мохь бу“ алахь, аса цу
стагана а, цуьнан цIенна а таIзар дийр ду.
35 Цундела вовшашка а, вашас веше а иштта ала:
„ХIун жоп делира Везачу Эло?“, я „ХIун элира Везачу
Эло?“ 36 Ткъа „Везачу Элера мохь“ боху дешнаш
цкъа а шайгара ма хазийта, хIунда аьлча и мохь
Везачу Элера бу шаьш алахь а, иза стага ша
кхоьллина дешнаш бен дац. Иштта, „Везачу Элера
мохь“ боху дешнаш а далош, дийна волу Дела а,
массо а ницкъийн Веза Эла а, вайн Дела а Волчун
дешнаш харцахьа туьду аша. 37 Ахьа иштта хатта
деза пайхамаре: „Муха жоп делира Везачу Эло?“ я
„ХIун элира Везачу Эло?“ 38 Амма аша „Везачу Элера
болу мохь бу сан“ алахь, Везачу Эло иштта боху:
Аса шуна „Везачу Элера болу мохь бу сан“ ала
дихкинера, амма аша, Соьга ла а ца дугIуш, и
дешнаш даладо. 39 Цундела беза мохь санна долу
шу Аса, хьала а айина, дIакхуьссур ма ду. Шу а, шун
дайшна Аса дIаелла гIала а Аса Сайна уллора
дIатоттур ю. 40 Аса цкъа а йицлур йоцу юьхьIаьржо
а, гуттара а хир йолу сийсазалла а тIейоуьйтур ю
шуна».

### Инжираш чохь йолу ши тускар

24 †Везачу Эло суна дуьхьал сурт хIоттийра,
Шен цIенна хьалха льтташ долу инжираш
чохь йолу ши тускар а гойтуш. (Иза дара бавелхойн
паччахь волчу Набухди-Нецара яхIудхойн
паччахьан ЯхIу-Якхаман кIант Яхун-ЯхIу яхIудхойн
тхьамданашца а, аьчка а, дечиган а пхьерашца а
Ярушалайм-гIалара Бавел-махка йийсаре вигначул
тIаьхьа.) 2 Цхьана тускар чохь яра хьалххе хуьлуш
ерш санна йолу дика инжираш, ткъа вукху тускар
чохь яа ца маггал телхина вон инжираш яра.
3 ТIаккха Везачу Эло соьга хьаттира: «ХIун го хьуна,
Ярми-ЯхIу?»
Аса жоп делира: «Суна инжираш го. Дика
инжираш чIогIа дика ю, ткъа вон инжираш яа а
мегарг ца хиллал телхина ю».
4 ТIаккха соьга Везачу Элан дош кхечира: 5 «Иштта
боху Исраилан халкъан Везачу Дала: „ХIара дика
инжираш санна, мостагIаша кхузара дIадигна долу
а, Айса хашадхойн махка дIадаийтина долу а
ЯхIудан халкъ дика хетар ду Суна. 6 Церан диканна
Аса церан терго йийр ю, уьш хIокху махка юха а
балор бу. Аса уьш юхаметта а хIиттор бу, бохор а
бац. Аса уьш дIабугIур а бу, орамашца схьабохур а
бац. 7 Аса царна лаам лур бу Со вовзийта а, Со Веза
Эла хилар дIадовзийта а. Уьш Сан къам хир ду,
ткъа Со церан Дела хир ву, хIунда аьлча уьш доггах
Со волчу юхабоьрзур бу“.
8 Ткъа яа мегаш ца хиллал телхина йолчу вон
инжирашца санна, – боху Везачу Эло, – Со хир ву
яхIудхойн паччахь волчу ЦIадукъ-ЯхIуца а, цуьнан
тхьамданашца а, иштта хIокху махкахь бисина
болчу я Мисар-махкахь бехаш болчу
Ярушалаймера шаьш кIелхьарбаьхначаьрца а.

† *24:1 ТIаьххьарнаш 24:12-16; 2 Шерашкахь 36:10.*

9 Дуьненан массо а пачхьалкхашна Аса царах
инзаре а, вон а хIума дийр ду. Аса уьш дIалаьхкина
йолчу массо а меттехь атта хьотуьйтур бу, царах
масалш а далош, нах кхордуьйтур бу, церан цIераш
а йохуш, неIалташ кхайкхадойтур ду. 10 Аса туьраца,
мацаллица, Iожаллин уьнца хIаллакбийр бу уьш,
церан дайшна деллачу льтта тIехь уьш
хIаллакьхилла дIабовллалц».

### Къилбаседехьара болчу мостагIех льцна Делера болу хаам

25 ††ЯхIудхойн паччахь волу Юши-ЯхIун кIант
ЯхIу-Якхам паччахьаллехь волчу доьалгIачу
шарахь Везачу Элера ЯхIудан дерриге а халкъах
льцна болу хаам кхечира Ярми-ЯхIуга. (Иза
Набухди-Нецар Бавел-махкахь паччахь
дIахIоьттина хьалхара шо дара.) 2 И хаам пайхамар
волчу Ярми-ЯхIус дIакхайкхийра ЯхIуд-махкарчу а,
Ярушалаймерчу а дерриге а халкъе. 3 «ЯхIудхойн
паччахьо Аминан кIант Юши-ЯхIус паччахьалла до
кхойтталгIачу шарахь дуьйна таханлера де
тIекхаччалц – ткъе кхаа шарахь – соьга Везачу
Элера хаамаш кхочура. Аса шуьга юх-юха а и
хаамаш дIакхайкхабора, амма аша ла ца дугIура
Соьга. 4 Везачу Эло Шен ялхой болу пайхамарш юх-
юха а шу долчу бохкуьйтура, амма аша цаьрга ла а
ца дугIура, уьш тергал а ца бора. 5 Оцу пайхамарша
олура: „Шайн вочу некъех а, зуламаш лелорах а
шух хIорра а дIаверзалаш, тIаккха Везачу Эло шуна
а, шун дайшна а деллачу льтта тIехь абаденналц
даха таро хир ю шун. 6 Кхечу деланашна тIаьхьа ма
хIитта, царна Iамал ярхьама а, Iибадат дархьама а.
Шун куьйгаша бина болу уьш бахьана долуш, ма
вахийта со оьгIаз. ТIаккха Аса зен дийр дац шуна“.
7 Амма аша Соьга ла ца дуьйгIира, – боху Везачу
Эло. – Шайн куьйгаша дина гIуллакхаш бахьана
долуш, Со а оьгIаз вохуьйтура аша, иштта шайна
вонаш а дора.
8 Цундела массо а ницкъийн Везачу Эло боху:
„Аша Сан хаамашка ла ца доьгIна дела, 9 Аса массо
а къилбаседехьара къаьмнаш а, Сан лай волу
бавелхойн паччахь Набухди-Нецар а схьавалор ву.
Аса уьш хIокху махкана а, мехкан бахархошна а,
цунна гонах мел долчу къаьмнашна а
дуьхьалбохур бу. Аса кхоччуш хIаллакбийр бу уьш,
царах гуттаренна а къапалгаш а еш. Уьш къемате а
хир бу, царах кхаьрдар а бу. 10 ‡Аса дIадоккхур ду
кхузара даккхийдер а, сакъерадалар а, кхин хезар
дац кхузахь нускалан а, зуда ялош волчун а ирсе
аьзнаш. Аса хьеран кохьарш а сацор ю, стогарийн
серло а дIайойур ю. 11 ‡†Дерриг а хIара латта яьсса,
инзаре меттиг хилла дIахIуттур ду, ткъа кхузарчу
къаьмнаша Бавелан паччахьан йийсарехь
кхузткъе итт шо доккхур ду. 12 Кхузткъе итт шо
дIадаьллачул тIаьхьа Аса Бавелан паччахьна а,

†† *25:1 ТIаьххьарнаш 24:1; 2 Шерашкахь 36:5-7; Даниал 1:1, 2.* ‡ *25:10 а: Ярми-ЯхIу 7:34; 16:9; б: Довзийтинарг 18:22, 23.* ‡† *25:11 2 Шерашкахь 36:21; Ярми-ЯхIу 29:10; Даниал 9:2.*

цуьнан къомана а таIзар дийр ду, цара летийна
къинош бахьана долуш, – боху Везачу Эло. –
Хашадхойн мохк гуттаренна а бассор бу Аса. 13 Аса
хир бу аьлла болу а, массо а къаьмнашна дуьхьал
Ярми-ЯхIус дIакхайкхийна болу а, оцу тептар тIехь
дIаязбина болу а массо а бохамаш бийр бу Аса оцу
махкана. 14 Бавелера халкъ дуккха а халкъашна а,
баккхийчу паччахьашна а хьалха гIуллакх деш
лелар ду, цара диначуьнга а, церан куьйгаша
лелийначуьнга а хьаьжжина, Аса царна доггIург дIа
а лур ду“».

### Халкъашна тIехь хилла Везачу Элан кхел

15 Исраилан халкъан Везачу Далла соьга элира:
«Сан карара хIара оьгIазаллин чагIар чохь долу кад
дIа а эций, Аса хьо вохуьйтучу меттехь дехаш
долчу массо а халкъашка цу чуьра малийта. 16 Уьш,
цу чуьра дIамеллачул тIаьхьа, дIаса а лесташ,
хьерабевлча санна лелар бу, хIунда аьлча царна
гур ду Аса шайна тIедерзор долу тур».

17 Аса, Везачу Элан карара кад схьа а эцна, цу
чуьра Везачу Эло со тIевахийтина долчу массо а
халкъашка малийтира. 18 Аса Ярушалайм-гIалане а,
ЯхIуд-махкарчу гIаланашка а, церан паччахьашка
а, тхьамданашка а цу кеда чуьра малийтира, церан
латтанаш дассорхьама а, адамашка, цецбовларца
шакарш а етташ, цу меттигийн цIераш а ялош,
неIалт алийта. Нах хIинццалц а иштта лела.

19 Аса иштта цу кеда чуьра малийтира:
Мисар-махкара паччахь волчу пирIуне а, иштта
цуьнан ялхошка а, тхьамданашка а, цуьнан дерриг
халкъе а, 20 цигарчу эделла долчу халкъашка а;
IуцIа-махкарчу массо а паччахьашка а;
пIелаштамхойн гIаланийн массо а паччахьашка а:
Ашкхилун-гIалин а, Iази-гIалин а, Iекхран-гIалин а,
иштта Ашдод-гIалин дисинчу декъан а массо а
паччахьашка а;
21 Эдом-мехкан а, Муаби-мехкан а, Iаммин-мехкан
а бахархошка;
22 Цора-гIалара а, ЦIадан-гIалара а болчу
паччахьашка;
хIордан йистехь дехаш долчу къаьмнийн
паччахьашка;
23 Даддан-гIалане а, Тейма-гIалане а, Буз-гIалане а;
шайн гиччош тIера месаш лоргуш мел долчу
къаьмнашка а;
24 Iаьрби-махкарчу массо а паччахьашка а;
яьссачу аренгахь дехаш долчу тукхамийн массо а
паччахьашка а;
25 Зимарера а, Iейламера а, Мадайгара а
паччахьашка а;
26 къилбаседехьа долчу уллорачу а, генарчу а
латтанашкара болчу массо а паччахьашка тIекIел
а.

Аса дуьнен тIехь долчу массо а
пачхьалкхашкарчу халкъашка малийтира Везачу
Элан оьгIазаллин кад. Ткъа Шейшакарчу †
паччахьо а мер бу тIаьххьара и кад.

27 ТIаккха Везачу Эло соьга элира: «ДIаала цаьрга
иштта: „Исраилан Дела волчу массо а ницкъийн
Везачу Эло боху: Сан оьгIазаллин кедара дIа а
молуш, даха а дехаш, схьаIеттаде, тIаккха охьа а
эгий, кхин хьала а ма гIитта, шайна Аса даийтина
долу тур бахьана долуш“. 28 Нагахь санна уьш, хьан
карара дIа а эцна, и кад ца молуш дуьхьал бовлахь,
ахьа цаьрга ала: „Массо а ницкъийн Везачу Эло
боху: аша, хIуъа хилахь а, дIамер бу и кад!“ 29 Со
Сайн цIе лелош йолчу гIалина Ярушалаймана Айса
дан леринарг дан волалуш ву. Шуна моьтту хир ду
шайна таIзар ца деш Аса шу дуьтур ду. Дуьтур дац!
Аса туьре омра до, дуьнен тIехь мел болчу нахана
таIзар де аьлла, – боху массо а ницкъийн Везачу
Эло.

30 Ярми-ЯхIу, цаьрга дIаала:
„Везачу Эло, лоьмо санна, стигалара схьа гIигI
дийр ду.
Цо Шен дезачу цIа чуьра нуьцкъалчу озаца
къамел дийр ду.
ЧIогIачу озаца Цо гIигI дийр ду Шен махкана
дуьхьал.
Кемсех мутта а доккхуш, кемсаш а хьоьшуш,
чагIар деш болчарна санна мохь беттар бу Цо
дуьнен тIехь бехаш болчу массо а нахе.
31 И гIовгIа дуьненан массо а йистошка дIакхочу,
хIунда аьлча Везачу Эло къаьмнаш бехкедийр ду.
Цо массо а нах кхеле озор бу,
ткъа Iесанаш Цо туьре дIалур бу“, –
боху Везачу Эло».

32 Иштта боху массо а ницкъийн Везачу Эло:
«Цхьана халкъана тIера вукху халкъана тIе а
кхочуш, бохам бийр бу, ткъа доккха дарц долалуш
ду дуьненан генарчу йистошкара. 33 Дуьненан
цхьана йистера дуьйна вукху йисте кхаччалц
Iохкуш хир ду Везачу Эло хIаллакбинчеран декъий.
Цхьа а стаг хир вац царна воьлхуш, цхьаммо а уьш,
хьала а эцна, дIабухкур бац. Уьш лаьтта тIехь
Iохкуш хир бу, кхо санна.

34 Ткъа шу, церан Iуй, узарш а деш, делха! Шайн
лазарш бахьана долуш лаьттахь керча! ГIайгIанаш
а еш, лаьттахь керча! Шу дайа деза йолу хан
тIекхаьчна. Кегйина еза пхьегIа санна, шу
дIасакхиссина а, охьаэгна а Iохкуш хир ду. 35 Iушна
кIелхьардовла меттиг хир яц, жен куьйгалхошна
дIаловчкъа меттиг хир яц. 36 Iуша орца даккхаре
ладогIа! Жен куьйгалхойн белхаре ладогIа! Уьш
иштта боьлху, Веза Эла церан дежийла хIаллакьеш
волу дела. 37 Везачу Элан дералла бахьана долуш,
машаре йолу дежийлаш яссийна хир ю. 38 Веза Эла
шен хьеха чуьра арадаьлла долу лом санна ву.
Иштта церан латта дассийна хилира, гIело йинчун
тур а, Цуьнан чIогIа дералла а бахьана долуш».

---

† *Шейшак *– иза абатан элпашца къайлаяькkхина йолу Бавел-мехкан кхин цIе ю.**

### Ярми-ЯхIу кхеле валар

26 †ЯхIудхойн паччахь волчу Юши-ЯхIун
кIентан ЯхIу-Якхаман паччахьаллин
хьалхарчу шарахь Везачу Элера хаам кхечира. 2 Цо
элира: «Везачу Элан цIийнан керта дIа а хIоттий,
Цуьнан цIенна уллохь Далла *Ибадат дан* баьхкина
болчу а, ЯхIуд-махкарчу болчу а массо а нахе
вистхила. 3 Шайга бохучуьнга ла а доьгIна, шаьш
лелаш болчу вочу некъа тIера дIаберза мегара
уьш. ТIаккха Аса, дохко а ваьлла, цара лелийначу
вочунна Айса бан лерина болу бохам царна бийр
бацара.
4 Цаьрга ала: „Везачу Эло иштта боху: Аса шайна
белла болчу товрат-хьехамца а лелаш, аша Соьга
ладогIа деза! 5 Аса дукхазза а шу долчу Сайн ялхой
болу пайхамарш бохкуьйтура, амма аша цаьрга ла
ца дугIура. ХIинца церан дешнашка аша ладогIа
деза! 6 ††Шу иштта ца лелахь, тIаккха Аса хIокху Сан
дезачу цIенна Шилун-гIалина диннарг дийр ду.
ТIаккха дуьнен чохь долчу массо а халкъаша хIокху
гIалин цIе яккхарца неIалташ бохур ду“».
7 Динан дай а, пайхамарш а, массо а халкъ а
ладугIуш дара Ярми-ЯхIус хIара дешнаш Везачу
Элан цIийнан кертахь дIакхайкхочу хенахь. 8 Ярми-
ЯхIус Везачу Эло шега дIаала аьлларг дерриге а
халкъе дIаэлира. Эццахь динан дайша а,
пайхамарша а, халкъо а иза схьа а лаьцна, цуьнга
элира: «Хьо вала веза! 9 ХIунда бо ахьа Везачу Элан
цIарах хаамаш, хIокху Везачу Элан цIенна Шилун-
гIалина диннарг дийр ду, хIара Ярушалайм-гIала
йохийна а, яссийна а дIахIоттор ю бохуш?» Массо а
халкъ Везачу Элан цIийнан кертахь дIахIоьттира,
Ярми-ЯхIуна дуьхьал а даьлла.
10 Иза шайна дIахезча, яхIудхойн тхьамданаш,
паччахьан цIа чуьра ара а бевлла, Везачу Элан цIа
долчу баьхкира. Везачу Элан цIийнан керта тIе
вогIучохь льтташ долчу Керлачу кевнна уллора
шайн меттигаш дIалецира цара. 11 ТIаккха динан
дайша а, пайхамарша а элира тхьамданашка а,
гулделлачу халкъе а: «ХIокху стагана вен кхел ян
догIуш ду, хIунда аьлча цо тхан Ярушалайм-гIалина
дуьхьал хаамаш бора. Шуна иза шайн лергашна ма
хезара!»
12 Массо а тхьамданашка а, дерриг а халкъе а
Ярми-ЯхIус элира: «Везачу Эло ваийтина со хIокху
цIийнах а, хIокху гIаланах а лаьцна шуна мел хезна
хаамаш бан. 13 Нисде шайн некъаш а, шайн
гIуллакхаш а, ткъа шайн Везачу Дала бохучуьнга
ладогIа. ТIаккха Цо, дохко а ваьлла, Ша аьлла болу
бохам шуна бийр бацара. 14 Ткъа со шун карахь ву.
Шайна дика а, нийса а хеташ дерг де суна. 15 Амма
аша со вехь, шу цхьана хIуманах кхетар ду: бехк
боцучу стеган цIий шайх а, хIокху гIаланах а,
цуьнан бахархойх а аша хьорчуьйту, хIунда аьлча
со Везачу Эло ваийтина вара, аса шуьга аьлларг
шун лергашна дIахазийта».
16 ТIаккха тхьамданаша а, дерриг халкъо а элира
динан дайшка а, пайхамаршка а: «ХIара стаг вен
кхел ян вогIуш вац, хIунда аьлча цо вайн Везачу
Делан цIарах къамел дина тхоьца».
17 Масех къано, хьала а гIаьттина, вистхилира
дерриге а халкъан гуламе: 18 ‡«Муршатахо волу
Мика-ЯхIу пайхамар хилла яхIудхойн паччахьо
Хьузакх-ЯхIус олалла дечу хенахь. Цо дерриг а
ЯхIудан халкъе аьллера: „Иштта боху массо а
ницкъийн Везачу Эло:
‘Цийон-лам, кха санна, охур бу,
Ярушалаймах тIулгийн оьла хир ю,
Делан цIа тIехь лаьттинчу лам тIе хьун ер ю’.
19 ЯхIудхойн паччахь волчу Хьузакх-ЯхIус а,
ЯхIудан халкъо а вийрий Мика-ЯхIу? Хьузакх-ЯхIу
Везачу Элана хьалха ларамах вуьзна ца хилла те,
цо Веза Эла шена резахилийтар ца лехна те? Ткъа
Везачу Эло, дохка а ваьлла, Ша царна бан аьлла
болу бохам ца сацийна те? Ткъа вай ваьшна доккха
зен дан кечделла“».
20 (ХIокху гIалина а, махкана а дуьхьал Везачу
Элан цIарах, Ярми-ЯхIус ма-аллара, Делера болу
хаамаш беш кхин цхьа стаг вара. Иза Кхиръят-
ЯIариман вахархо волу ШамIа-ЯхIун кIант УръяхIу
вара. 21 ЯхIу-Якхамна а, цуьнан мел болчу тIеман
хьаькамашна а, цуьнан тхьамданашна а оцу
пайхамаран дешнаш дIахезча, паччахьна иза
вейта лиира. И хIума шена хиъча, УръяхIу, кхера а
велла, ведда Мисар-махка дIавахара. 22 Амма ЯхIу-
Якхам-паччахьо, Мисар-махка Iахбаран кIант Эли-
Ната а, цуьнца кхин а нах а бахийтина, 23 цигара
УръяхIу схьавалавайтира. ТIаккха ЯхIу-Якхам-
паччахьо, иза тур тоьхна вен а вейтина, цуьнан
дакъа къечу нехан кешнаш долчохь
охьакхоссийтира.)
24 Амма Шапанин кIант Ахьикхам Ярми-ЯхIуна
тIехIоьттира, цундела иза халкъан кара дIа ца
велира, цаьрга ца вейтархьама.

### Ярми-ЯхIун кочара дукъ

27 ‡†ЯхIудхойн паччахь волу Юши-ЯхIун кIант
ЯхIу-Якхам ‡‡ паччахь хилла дIахIоьттинчу
дуьххьарчу заманахь Везачу Элера хIара хаам
кхечира Ярми-ЯхIуга. 2 Везачу Эло соьга иштта
элира: «Ярми-ЯхIу, цIоканан моханех а, дукъойх а
хьайна дукъ а дай, иза хьайна тIедилла. 3 И
саннарш Эдомерчу а, Муаби-махкарчу а,
Iамминарчу а, Цора-гIаларчу а, ЦIаданарчу а
паччахьашна а дахьийта. Уьш Ярушалайме
яхIудхойн паччахь ЦIадукъ-ЯхIу гархьама
баьхкинчу векалшкахула дIадахьийта. 4 ХIара
дешнаш цу паччахьашка дIаалар цу векалшна
тIедилла: „Исраилан Дела волчу массо а ницкъийн

† *26:1 ТIаьххьарнаш 23:36–24:6; 2 Шерашкахь 36:5-7.* †† *26:6 ЮшаI 18:1; Забур 77:60; Ярми-ЯхIу 7:12-14.*

‡ *26:18 Мика-ЯхIу 3:12.* ‡† *27:1 ТIаьххьарнаш 24:18-20; 2 Шерашкахь 36:11-13.* ‡‡ *Iебархойн тептар тIехь: *ЯхIу-Якхам. *Цхьадолчу тептарш тIехь: *ЦIадукъ-ЯхIу.**

Везачу Эло боху: шайн паччахьашка иштта дIаала:
5 ‘Сайн боккхачу ницкъаца а, тIекховдийначу
куьйгаца латта а, адамаш а, лаьтта тIера бежанаш а
кхоьллина Аса. Сайна мел луучун кара Аса и латта
дIало. 6 Ткъа хIинца Аса хIара массо а хIума Сайн
лай волчу Бавелан паччахьан Набухди-Нецаран
кара дIало. Аса аренан акхарой а цунна гIуллакх
дан дIало. 7 Массо а халкъаш цунна а, цуьнан
кIантана а, цуьнан кIентан кIантана а гIуллакх деш
хир ду. Иза иштта хир ду, Бавел эшна хир йолу
заман тIекхаччалц. ТIаккха дуккха а къаьмнаша а,
сийлахьчу паччахьаша а Бавел-мохк муьтIахь бийр
бу.
8 Нагахь санна цхьа къам я пачхьалкх Бавелан
паччахь волчу Набухди-Нецарна дуьхьал далахь,
цуьнан дуькъана хьалха шен ворта охьа а ца
таIош, цу къомана Аса туьраца, мацаллица,
Iожаллин уьнца таIзар дийр ду, – боху Везачу Эло, –
и къам Аса Набухди-Нецаре кхоччуш
хIаллакдайтталц. 9 Ла ма догIа шайн пайхамаршка
а, пал туьйсуш болчаьрга а, гIенаш туьдуш
болчаьрга а, бозбунчашка а, жинашца тайначаьрга
а. Цара боху: ‹Шу Бавелан паччахьна муьтIахь хила
ца деза›. 10 Цара шуьга харцдерг дуьйцу, шу шайн
лаьтта тIера гена дIалахкийтархьама. Аса шу
дIалохкур дара, ткъа шу хIаллакьхир дара.
11 Бавелан паччахьан дукъ тIе а эцна, цунна
гIуллакх деш сецна муьлхха а къам Аса шен лаьтта
тIехь дуьтур ду. Иза, шен лаьтта тIехь гIуллакх а
деш, цу тIехь дехар ду’, – боху Везачу Эло“».
12 И хаам а аса ЯхIудан паччахь волчу ЦIадукъ-
ЯхIуга дIакхачийра. Аса элира: «ОхьатаIае шайн
ворта Бавелан паччахьан дукъана хьалха, цунна а,
цуьнан халкъана а гIуллакх а деш саца – дийна
дуьсур ду шу. 13 ХIунда хуьлуш ду хIаллак хьо а,
хьан къам а тур а, мацалла а, Iожаллин ун а
бахьана долуш? Везачу Эло и дерриг а Бавелан
паччахьна муьтIахь ца хиллачу къомана хир ду
аьлла ма ду. 14 Ла ма дийгIийша шайга: „Бавелан
паччахьан кара шу гIур дац“, – бохуш болчу
пайхамаршка. Цара шуна бо хаамаш харц бу.
15 Уьш Аса баийтина бац шу долчу, – боху Везачу
Эло. – Цара Сан цIарах харцхаамаш бо. Цундела
Аса шу дIалохкур а ду, ткъа шу хIаллак а хир ду – шу
а, шуна харцхаамаш беш болу пайхамарш а».
16 Динан дайшка а, дерриг халкъе а аса элира:
«Иштта боху Везачу Эло: „‘Везачу Элан цIа чуьра
дIаяьхьна йолу пхьегIаш кестта Бавел-махкара
юхаерзор ю’, – бохуш болчу шайн пайхамаршка ла
ма догIа. Цара шуна харцхаамаш бо. 17 Цаьрга ла а
ца дугIуш, Бавелан паччахьна муьтIахь хила,
тIаккха шу дийна дуьсур ду. ХIара гIала, къапалг а
йина, хIунда хIаллакйина яра? 18 Нагахь санна уьш
пайхамарш а белахь, цаьргахь Сан дош а делахь,
цара массо а ницкъийн Везачу Эле шайн
доIанашца деха деза Везачу Элан цIа чохь а,
яхIудхойн паччахьан цIа чохь а, Ярушалаймехь а
йисина йолу еза пхьегIаш Бавеле дIа ма яхьийта
аьлла“».
19 Массо а ницкъийн Везачу Эло иштта боху
цIестан бIогIамех а, цIестан хIордах а, цIестан
кIелхIотторгех а, иштта хIокху гIалахь йисначу
кхийолчу хIуманех лаьцна. 20 (Уьш Набухди-Нецара
ша яхIудхойн паччахьан ЯхIу-Якхаман кIант Яхун-
ЯхIу а, ЯхIуд-махкара а, Ярушалаймера а цIеяхана
болу массо а нах Бавеле дIабуьгучу хенахь цига дIа
ца яьхьнера.) 21 Исраилан Дела волчу массо а
ницкъийн Везачу Эло Шен дезачу цIа чохь а,
яхIудхойн паччахьан цIа чохь а, Ярушалайм-
гIалахь а йисначу хIуманех лаьцна иштта боху:
22 «Уьш Бавеле дIахьур ю, царна тидам бан беза Аса
сацам бечу денна тIекхаччалц уьш цу гIалахь а хир
ю, – боху Везачу Эло. – Цул тIаьхьа Аса оцу метте
уьш юха йоуьйтур ю».

### Ярми-ЯхIу а, Хьанан-ЯхIу а

28 †Оццу шарахь, яхIудхойн паччахьо ЦIадукъ-
ЯхIус олалла дечу дуьххьарчу заманахь –
доьалгIачу шеран, пхоьалгIачу баттахь цуьнан
паччахьаллехь – ГавIонера пайхамар волу Iазуран
кIант Хьанан-ЯхIу соьга вистхилира. Везачу Элан
цIийнан кертахь а волуш, динан дайшна а, массо а
халкъана а хьалха Хьанан-ЯхIус соьга элира:
2 «Исраилан Дела волчу массо а ницкъийн Везачу
Эло боху: „Аса дохор ду Бавелан паччахьан дукъ.
3 Ши шо далале, Аса оцу метте юхаяхьар ю Бавелан
паччахь волчу Набухди-Нецара Везачу Элан цIа
чуьра Бавеле дIаяьхьна йолу ерриге а хIуманаш.
4 ЯхIудхойн паччахь волу ЯхIу-Якхаман кIант Яхун-
ЯхIу а, ЯхIуд-махкара Бавеле дIабигна болу массо а
йийсархой а Аса хIокху метте юхаберзор бу, – боху
Везачу Эло. – Аса дохор ду Бавелан паччахьо
яхIудхошна тIедиллина долу дукъ“».
5 ТIаккха Ярми-ЯхIу Везачу Элан цIийнан кертахь
болчу динан дайшна а, массо а нахана хьалха
пайхамар волчу Хьанан-ЯхIуга вистхилира. 6 Ярми-
ЯхIу-пайхамаро элира: «Иштта хуьлийла иза,
Везачу Эло иштта нисдойла иза! Везачу Элан
цIийнан хIуманаш а, массо а йийсархой а Бавелера
хIокху метте юха а берзош, Везачу Эло
кхочушдойла ахьа Делан цIарах аьлла долу
дешнаш! 7 Амма ахьа ладогIалахь аса хIинца хьоьга
массарна а хозуьйтуш олучуьнга. 8 Хьол а, сол а
хьалха хиллачу пайхамарша, хиндолчух лаьцна
Делера болу хаамаш шаьш бечу хенахь, дуккха а
мехкашна а, яккхийчу пачхьалкхашна а тIом а,
бохам а, ун а хир ду аьлла. 9 Нагахь санна цхьана
пайхамаро, машар хир бу аьлла, схьакхайкхош
хилча, иза, баккъал Везачу Эло ваийтина пайхамар
ву аьлла, тIелоцуш ца хилла, цо аьлларг
кхочушхиллалц».
10 ТIаккха пайхамар волчу Хьанан-ЯхIус Ярми-
ЯхIун кочара дукъ, схьа а даьккхина, дохийра.
11 Массо а халкъана хьалха Хьанан-ЯхIус хIара

† *28:1 ТIаьххьарнаш 24:18-20; 2 Шерашкахь 36:11-13.*

дешнаш элира: «Иштта боху Везачу Эло: „Оццу
тайпана Аса, ши шо далале, Бавелан паччахь волчу
Набухди-Нецаран дукъ а дохор ду, массо а
къаьмнийн кочара схьа а даькkхина“». Цул тIаьхьа
Ярми-ЯхIу-пайхамар шен новкъа дIавахара.
12 Хьанан-ЯхIу-пайхамаро Ярми-ЯхIу-пайхамаран
кочара дукъ дохийначул тIаьхьа, Везачу Элан дош
кхечира Ярми-ЯхIуга: 13 «Ваха а гIой, Хьанан-ЯхIуга
ала: „Иштта боху Везачу Эло: ‘Ахьа дохийнарг
дечиган дукъ ду, ткъа ахьа динарг бахьана долуш,
цуьнан метта аьчка дукъ хир ду’. 14 Исраилан Дела
волчу массо а ницкъийн Везачу Эло иштта боху:
‘Аса аьчка дукъ дуьллур ду цу массо а къаьмнийн
коча, уьш Бавелан паччахь волчу Набухди-
Нецаран куьйга кIелахь хилийта. Уьш цунна
гIуллакх деш лелар ду. Аса аренан акхарой а цунна
дIаелла’“».
15 Ярми-ЯхIу-пайхамаро элира Хьанан-ЯхIу-
пайхамаре: «ЛадогIал соьга, Хьанан-ЯхIу, хьо
Везачу Эло ваийтина вац. Ткъа ахьа хIара халкъ
харцхаамах тешийтина. 16 Цундела Везачу Эло
иштта боху: „Аса кху дуьнен чуьра дIавуьгур ву хьо,
Хьанан-ЯхIу. Хьо кху шарахь лийр ву, хIунда аьлча
ахьа кхайкхийнарг бахьана долуш нах Везачу
Элана дуьхьалбевр бу“».
17 Цу шеран ворхIалгIачу баттахь Хьанан-ЯхIу-
пайхамар велира.

### Ярми-ЯхIус Бавелехь болчу йийсархошка дахьийтина долу кехат

29 †Ярушалаймера Ярми-ЯхIу-пайхамаро кехат
дахьийтира Набухди-Нецара Ярушалаймера
Бавеле дIабигна болчу йийсархойх бисина болчу
къаношка а, иштта динан дайшка а, пайхамаршка
а, цигахь долчу массо а халкъе а. 2 И кехат
дахьийтира паччахь волу Яхун-ЯхIу, цуьнан нана а,
Ярушалаймера а, ЯхIуд-махкара а паччахьан
кертара ялхой а, тхьамданаш а, иштта дечиган а,
аьчка пхьераш а Ярушалаймера дIабигинчул
тIаьхьа. 3 Ярми-ЯхIус и кехат дIаделира Шапанин
кIанте ЭлиIасига а, Хьалкхи-ЯхIун кIанте Гамар-
ЯхIуга а. ЯхIудхойн паччахьо ЦIадукъ-ЯхIус уьш
Бавел-махкахь волчу Набухди-Нецар-паччахьна тIе
дIабахийтинера. Цу кехатан чулацам хIара бара:
4 «Исраилан Дела волчу массо а ницкъийн Везачу
Эло Ярушалаймера Бавеле дIабахийтинчу массо а
йийсархошка иштта боху: 5 „Шайна цIеноша а дай,
цу чохь Iе, бошмаш дIа а йогIа, цу тIера стоьмаш а
баа. 6 Зударий а балабе, шайна кIентий а,
зудабераш а кхиаде. Шайн кIенташна зударий а
балабе, зудабераш маре а дахийта, церан дуккха а
кIентий а, зудабераш а хилийта, шаьш кIезиг ца
хилийта а, шайн тIаьхье дебийта а. 7 Аса шаьш
дIадахийтина йолчу гIалин машар а, беркат а
совдаккха гIерта, и гIала Везачу Эле йоьхуш
доIанаш а де, хIунда аьлча цу гIалахь беркат хилча,
шуна а беркат хир ду“. 8 Исраилан Дела волчу массо

† 29:1, 2 ТIаьххьарнаш 24:12-16; 2 Шерашкахь 36:10.

а ницкъийн Везачу Эло иштта боху: „Шайн юкъахь
болчу пайхамаршка а, пал туьйсучаьрга а шаьш ле
ма дайта. Шайн омрица гIенаш гушболчеран
гIенех а ма теша. 9 Цара Сан цIарах
харцкхайкхамаш бо. Уьш Ас баийтина бац“, – боху
Везачу Эло. 10 ††Иштта боху Везачу Эло: „Шу
Бавелехь долу кхузткъе итт шо кхаьчначул тIаьхьа
Со шун аьтто бан хьожур а ву, Айса шух лаьцна
аьлла долу дешнаш кхочуш а дийр ду, шу хIокху
метте схьа а дерзош. 11 ХIунда аьлча шуна лерина
йолу Сан ойланаш Суна бен ца хаьа, – боху Везачу
Эло. – И Сан ойланаш шуна аьттонна ю, шуна
вонна яц, сатийсамах дуьзна долу хиндерг шуна
дIадала лерина ю уьш. 12 Шу Соьга кхойкхуш,
доIанаш деш, Со волчу догIучу хенахь, Аса шуьга
ладугIур ду. 13 ‡Аша Со лохур а ву, Со шуна карор а
ву. Нагахь санна аша Со доггах лахахь, 14 Аса шуьга
Со каравойтур ву, – боху Везачу Эло. – Аса шун
аьтто хилар карладоккхур а ду, массо а халкъашна
юккъера, массо а Айса дIалаьхкинчу мехкашкара
шу гулдийр ду Аса, – боху Везачу Эло. – Хьалха
шаьш йийсаре дIадигначу метте юхадалор ду Аса
шу“. 15 Аша ала мегар ду: „Везачу Эло Бавелехь а ма
белла тхуна пайхамарш“. 16 Амма Везачу Эло
Даудан гIанта тIехь Iаш волчу паччахьах лаьцна а,
иштта кху гIалахь дехаш долчу йийсаре дигаза
дисинчу хьан къомахойх лаьцна а иштта боху.
17 Царах лаьцна массо а ницкъийн Везачу Эло боху:
„Аса кестта оцу адамашна тIе тIом а, мацалла а,
Iожаллин ун а хьажор ду, Аса уьш яа мегаш ца
хиллал телхина йолу вон инжираш санна бина
дIахIиттор бу. 18 Со царна туьраца, мацаллица,
Iожаллин уьнца тIаьхьавер ву. Дуьнен чохь йолу
массо а пачхьалкхаш кхераелла хир ю, шайна цу
халкъана динарг гича. Аса уьш дIа мел лаьхкинчу
массо а къаьмнашна юкъахь наха церан цIе
яккхарца неIалт эр ду, царна динчунна нах
инзарбевлла хир бу, царах кхаьрдар бу, нахана уьш
дола хетар бу. 19 Иза царна хир ду цу наха Соьга ла
ца доьгIна дела, – боху Везачу Эло. – Цара ла ца
дугIура Аса шайга дукхазза а Сайн ялхой болчу
пайхамаршкахула бахьийтинчу хаамашка. Ткъа
йийсаре дIадигна долчу аша а оцу хаамашка ла ца
дугIура“, – боху Везачу Эло. 20 Ткъа аша, массо а Аса
Ярушалаймера Бавеле дIабахийтинчу йийсархоша,
Везачу Эло бохучуьнга ладогIа. 21 Исраилан Дела
волчу массо а ницкъийн Везачу Эло Сан цIарах
шуна харцхаамаш бечу Къули-ЯхIун кIантах
Ахьабах а, МаIсей-ЯхIун кIантах ЦIадукъ-ЯхIух а
лаьцна иштта боху: „Уьш Аса Бавелан паччахь
волчу Набухди-Нецаран кара дIалур бу, ткъа цо
уьш шун бIаьргашна хьалха хIаллакбийр бу.
22 Бавелехь йийсарехь болчу массо а яхIудхоша,
царах масал а далош, шаьш неIалт кхайкхочу
хенахь иштта бохур ду: ‘Бавелан паччахь волчу
Набухди-Нецара цIергахь вагийна волчу ЦIадукъ-

†† 29:10 2 Шерашкахь 36:21; Ярми-ЯхIу 25:11; Даниал 9:2.
‡ 29:13 Карлабаькkхинарг 4:29.

ЯхIуний, Ахьабний диннарг дойла шуна Везачу
Эло'. 23 Цу шина пайхамаро Исраил-махкахь дегаза
гIуллакхаш дора: шайн уллорачеран зударшца
хьарам лелара, Сан цIарах хаамаш бора, Аса
шайна и хаамаш ца беллехь а, уьш харцхаамаш
белахь а. И хIума Суна хууш ду, Со цунна теш а ву",
– боху Везачу Эло».

## ШамIа-ЯхIун кехат

24 Нахьлимхо волчу ШамIа-ЯхIуга дIаала:
25 «Исраилан Дела волчу массо а ницкъийн Везачу
Эло иштта боху: „Ахьа дерриге а Исраилан халкъе
а, иштта *динан да* волчу МаIсей-ЯхIун кIанте
Цапни-ЯхIуга а, массо а кхиболчу динан дайшка а
хьайгара кехаташ дахьийтира. Цу тIехь яздина
дара: 26 'Хьо Везачу Эло ЯхIу-ЯдаIана метта динан
да вина дIахIоттийра, хьоьга Везачу Элан цIийнан
керта тIехь куьйгалла дайта а, иштта хIора, ша
пайхамар ву бохуш, хьераваьлча санна лелаш верг
набахти чу воллийта а. И санна волчу стагана,
буржал а тоьхна, коча гIомат йолла еза. 27 Ахьа тIех
хIунда ца диттира Iанатотхо волчу Ярми-ЯхIуна,
шайна юкъахь, иза пайхамар ву бохуш, лелаш
хилча? 28 Цо тхо долчу Бавеле а хIара хаам
баийтина: ‹Шун йийсарехь хилар деха хир ду.
Шайна цIенош а дай, цу чохь Iе, бошмаш дIа а
йогIа, цу тIера стоьмаш а баа›'"».
29 Динан да волчу Цапни-ЯхIус и кехат Ярми-ЯхIу-
пайхамарна дIадешча, 30 Ярми-ЯхIуга Везачу Элера
хаам кхечира: 31 «Ярми-ЯхIу, Бавелехь болчу массо
а йийсархошка хIара хаам бахьийта: „Иштта боху
Везачу Эло нахьлимхо волчу ШамIа-ЯхIух лаьцна:
'ШамIа-ЯхIус шуна Делера болуш санна хаамаш
бора, амма иза Аса ваийтина вацара. Цо шу
харцхаамех тешийтира'. 32 И хIума дар бахьана
долуш, Веза Эла волчу Аса иштта боху: 'Аса билггал
нахьлимхо волчу ШамIа-ЯхIуна а, цуьнан
тIаьхьенна а таIзар дийр ду. Шуна юкъахь цуьнан
тIаьхьенах цхьа а вуьсур вац, ткъа цунна гур дац
Аса Сайн къомана дан лерина долу дика, – боху
Везачу Эло, – хIунда аьлча цо халкъ Везачу Элана
дуьхьалдаьккхира'"».

## Дала Шен къомана йина чIагIонаш

30 Ярми-ЯхIуга Везачу Элера хаам кхечира:
2 «Исраилан халкъан Везачу Дала иштта боху:
„Аса хьайга аьлла долу массо а хIума тептар тIе
дIаязде, 3 хIунда аьлча тIекхочуш ду, – боху Везачу
Эло, – Аса Исраилан а, ЯхIудан а долу, Сайн халкъан
аьтто юхаметтахIоттор долу денош. Аса и халкъ
юха а церан дайшна Айса деллачу лаьтта тIе
схьадалор ду, и латта церан долахь а хир ду"».
4 ХIара дешнаш Везачу Эло Исраилан а, ЯхIудан а
халкъах лаьцна аьлла ду. 5 «Иштта боху Везачу Эло:
„Кхерабелла, боьлхуш болчеран аьзнаш хезаш ду.
Къематан гIовгIа хезаш ю, машар а бац.
6 Хаттар а дай, ойла е:
боьршачу стага бер дой?
Дера ца до. Иштта хилча, хIунда го Суна
хIора боьршачу стеган куьйгаш церан гай тIехь,
бер деш йолчу зудчун санна?
Церан яххьаш бос байна а хIунда ю?
7 ЭхI, ма къемате хир ду и де,
цхьа а де цунах тарлур а дац.
Якъубан тIаьхьенна иза гIайгIане зама хир ю,
амма оцу гIайгIанех и тIаьхье кIелхьаръер ю"».
8 «И де тIекхаьчна, – боху массо а ницкъийн
Везачу Эло, – Аса Исраилан а, ЯхIудан а халкъийн
кочара дукъ дохор ду, Аса шун буржалш а дIадохур
ду. Кхечу къаьмнаша Сан къоме шайна кхин
гIуллакх дойтур дац. 9 Амма уьш шайн Везачу
Далла а, Аса царна хIоттор волчу, Даудан
тIаьхьенах волчу шайн паччахьна а гIуллакх деш
лелар бу.
10 †Ткъа хьо, Сан ялхо йолу Якъубан тIаьхье, кхера
ма ло, –
боху Везачу Эло, – ма къахка, Исраилан халкъ.
Аса хьо генарчу махках кIелхьар а доккхур ду,
шаьш йийсаре дIадигначу махкара
хьан тIаьхьенаш паргIат а йохур ю.
Якъубан тIаьхье юхайоьрзур ю,
уьш машарехь а, сашортехь а бехар бу.
Шуна цхьаммо а кхерамаш а туьйсур бац,
11 хIунда аьлча Со шуьца ву,
шу кIелхьардохур ду –
боху Везачу Эло. –
Шу дIасалаьхкина мел долу къаьмнаш
Аса билггал хIаллакдийр делахь а,
шу хIаллак ца деш дуьтур ду.
Шуна таIзар ца деш Аса шу дуьтур дац,
амма Аса нийсонца шуна таIзар дийр ду».
12 Иштта боху Везачу Эло Шен халкъе:
«Хьан чевнна дан дарба дац,
хьан йоьхна меттиг меттахIотталур яц.
13 Кхелехь къасто дезачу хьан гIуллакхна гIайгIа
бан цхьа а вац,
хьан цамгар дIаерзо иштта цхьа а вац.
Хьуна дан дарба а дац.
14 Хьан мел хиллачу бартхошна хьо дицделла,
цу къаьмнашна бала бац, хьуна хIуъа хилча а.
МостагIчо санна, Аса хьуна тоьхна,
луьрачо санна, Аса хьуна таIзар дина,
хIунда аьлча хьан бехк боккха бу,
ткъа ахь летийна къинош алссам ду.
15 Хьайн чевнашна хIунда бо ахь латкъамаш,
хьайн лазарна дан дарба доццушехь а?
Веза Эла волчу Аса дина ду иза,
хIунда аьлча хьан бехк боккха бу,
ткъа ахь летийна къинош алссам ду.
16 Хьо мел дIакхоллурш шаьш дIакхаьллина хир
бу.
Хьан мел болу мостагIий шаьш хир бу
йийсарехь.

† 30:10, 11 *Ярми-ЯхIу 46:27, 28.*

Хьох хӀонс мел йоккхурш шаьш хӀонс хилла
дӀахӀуьттур бу.
Хьуна талор мел дийраш Аса талорхошка дӀалур
бу.
17 Аса хьуна могушалла юхалур ю,
хьан чевнаш а тойийр ю, –
боху Везачу Эло, –
хӀунда аьлча хьан мостагӀаша боху:
„Цийон юхатеттина ма ю,
цунах цхьаммо а гӀайгӀа ма ца бо“».
18 Амма Везачу Эло боху:
«Аса Якъубан тӀаьхьенан аьтто юхаметтахӀоттор
бу,
цуьнан мел болчу доьзалх къинхетам а бийр бу.
ГӀала юхаметтахӀоттийна хир ю ша хиллачу гу
тӀехь,
ткъа гӀалин гӀап шен хьалха хиллачу меттехь
латтар ю.
19 Кхузара схьа хезаш хастамаш беш йолу эшарш
хир ю,
массо а маьӀӀера схьахезаш самукъане аьзнаш а
хир ду.
Аса церан тӀаьхье совйоккхур ю,
церан терахь жимлур дац,
Аса церан цӀе йохуьйтур ю,
цхьа а къам цаьрга лакхара хьоьжур дац.
20 Сан къоман бераш тохара санна Ӏийр ду,
цуьнан гулам Суна хьалха дӀахӀуттур бу.
Цунна гӀело ечарна Аса таӀзар дийр ду.
21 Цуьнан баьчча оцу къомах схьавер ву,
халкъан олахо царна юкъара хир ву.
Аса Сайна тӀеозавойтур ву иза,
ткъа иза Сайна улло валор ву,
хӀунда аьлча Суна улло ван
шен са ца кхоош мила ваьхьар ву? –
боху Везачу Эло. –
22 Шу Сан къам хилла дӀахӀуьттур ду,
ткъа Со шун Дела хир ву».
23 Везачу Элан дералла, дарц санна, царна
тӀейогӀуш ю, иза Ӏесачеран коьрта тӀе, йилбазмох
санна, южур ю. 24 Везачу Элан оьгӀазалла дӀаер яц,
Цо дан мел леринарг чекхдаккхалц. ТӀедогӀуш
долчу деношкахь шу цунах кхетар ду.

## Исраилан халкъ йийсарера юхадалор

31 «Цу заманахь, – боху Везачу Эло, – Со
Исраилан халкъан массо а тайпанийн Дела
хир ву, ткъа уьш Сан къам хир ду». 2 Везачу Эло
иштта боху: «Туьрах кӀелхьарбевллачу нахана
яьссачу аренгахь Везачу Элан дика карийна.
Исраилан халкъ шена синтем лохуш лелара».
3 Генначу меттехь Везачу Эло, суна хьалха дӀа а
хӀоьттина, соьга элира: «Массо а ханна болчу
безамца дезаделла хьо Суна, Исраилан халкъ, Аса
хьоьга кховдийна Сан хедар боцу безам. 4 Аса юха а
меттахӀоттор ду хьо, йоӀстаг санна долу Исраилан
халкъ, хьо юхаметтахӀоттийна а хир ду. Ахь юха а
жиргӀанаш еттар ю, самукъане хелхар а деш, хьо
лелар ду. 5 Ахьа юха а Шамран-махкарчу
лаьмнашкахь кемсийн бошмаш кхиор ю, ткъа
кемсаш лелош болчара шаьш кхиийначу кемсех
шайна пайда а оьцур бу. 6 Цхьа де догӀур ду,
гӀаролхоша Эпрайм-лаьмнашкара дӀакхайкхор
деш: „ХьалагӀовтта, вайн Веза Дела волчу, Цийон-
лам тӀе хьаладевр ду вай“».
7 ХӀунда аьлча Везачу Эло иштта боху:
«Сакъералуш, Якъубан тӀаьхьенна эшарш лекха,
мохь бетта къаьмнийн уггар сийлахьчунна.
Массарна а хезаш, цунна хастамаш бе,
иштта ала: „КӀелхьардаккхахьа, Веза Эла,
Хьайн къам, Исраилан халкъах дисинарг!“
8 Къилбаседерачу махкара Аса схьабалор бу уьш,
дуьненан йистошкара Аса схьагулбийр бу уьш.
Цаьрца цхьаьна бӀаьрзениг а, астагӀниг а,
берах ерг а, бер деш ерг а хир ю.
Йоккхачу тобанца уьш юхабоьрзур бу кхуза.
9 Белха а боьлхуш, уьш схьабогӀур бу,
доӀанаш а деш, ткъа Аса уьш юхаберзор бу.
Хишна уллохула, аттачу некъаца дӀабуьгур бу Аса
уьш,
церан когаш а тийсалур бац.
Аса буьгур бу уьш, хӀунда аьлча Со Исраилан Да
ву,
ткъа Эпрайм Сан дуьххьарлерниг ву».
10 Халкъаш, ладогӀалаш Везачу Элера болчу
хааме,
хӀордан йистехь дехаш долчу генарчу
къаьмнашка иза дӀахаийталаш:
«Исраилан халкъ дӀасадаржийначо иза схьа а
гулдийр ду.
Ӏуьно шен жа санна, Цо иза лардийр ду».
11 Везачу Эло Якъубан тӀаьхье мехах
паргӀатйоккхур ю,
цуьнан чул ницкъ болчеран карара схьа а
йоккхур ю.
12 Цийон-лам тӀе а деана, Исраилан халкъ
доккхадеш лелар ду,
ирсах дуьзна хир ду церан юьхьсибат,
Везачу Эло мел деллачунна:
кӀа, керла чагӀар, зайтдаьтта,
жена а, бежана а юкъара кӀорнеш.
Хих тоам хилла йолу беш санна хир бу уьш,
ткъа церан дог кхин доьхна хир дац.
13 «Оцу хенахь зудабераш халхадевр ду,
къонахой а, баккхийнаш а самукъане хир бу.
Церан гӀайгӀанех Аса сакъерар дийр ду.
Сингаттаман метта Аса царна синтем а, ирс а лур
ду.
14 Аса динан дайшна токхе кхача лур бу,
Сан къам Сайн дикачух дузур а ду», –
боху Везачу Эло.

## Везачу Эло Исраилан халкъах къинхетам бар

15 †Иштта боху Везачу Эло:
«Аз хеза Рами чохь,

† *31:15 а: Доладалар 35:16-19; б: Маттай 2:18.*

инзаре мохь, тийжар хеза.
Рахьал † йоьлху шен берашна,
амма цхьаммо а шен дог оьцийла цунна ца лаьа,
хIунда аьлча цуьнан бераш дIадевлла ду».
16 Амма Везачу Эло боху:
«Йоьлхучуьра саца, хьайн бIаьрхиш а дIадаха,
ахь бинчу балхана хьуна совгIат дийр ду, –
боху Везачу Эло. – Хьан бераш
мостагIийн лаьттара юхадоьрзур ду.
17 Хьан хиндолчунна бу сатийсам, –
боху Везачу Эло. – Хьан бераш
шайн махка юхадоьрзур ма ду.
18 Суна билггал хезна Эпрайман халкъ †† леткъаш:
„Аьрха эса санна, со нисдина,
Ахь со кара ма Iамийнера!
ХIинца со юхадерзадехьа,
тIаккха со Хьуна тIе юхавоьрзур вара,
хIунда аьлча Хьо сан Веза Дела ву.
19 Хьох дIадирзинчул тIаьхьа, со дохко а даьлла.
КараIамийначул тIаьхьа некха тIе куьйгаш деттара ас,
хIунда аьлча юьхьIаьржачу а хIиттийна, со сийсаздинера,
айса жимчохь летийна къинош бахьана долуш“.
20 Эпрайман халкъ Сан хьоме кIант вац ткъа?
Суна дукхадезаш долу бер дац ткъа иза?
Иза кест-кестта Аса нисван везаш велахь а,
массо а хенахь безамца дагавогIу Суна иза.
Сан кийра иза бахьана долуш карзахбуьйлуш бу,
Аса цунах къинхетам а бийр бу», – боху Везачу Эло.
21 ДIахIоттае хьайн некъан билгалонаш,
некъ каро тIулгаш хьайна охьадахка.
Тидам бе хьо леллачу некъан,
хьо дIадуьгуш хиллачу тачанан.
ЙоIстаг санна долу Исраилан халкъ,
юхадерза хьайн гIаланашка.
22 Дукха лелар дуй хьо дIасауьдуш,
тешаме йоцу йоI санна долу халкъ?
Везачу Эло дуьнен чохь керланиг кхуллу:
зудчо шен майра кIелхьарвоккхур ву.

## Делан халкъан хиндолу дика дахар

23 Исраилан Дела волчу массо а ницкъийн Везачу Эло иштта боху: «Аса халкъан аьтто юхаметтахIоттабича, ЯхIуд-махкахь а, цуьнан гIаланашкахь а хIара дешнаш кхин цкъа эр ду:
„Везачу Эло декъалбойла хьо, беза лам ‡,
нийсо шена тIехь Iаш йолу меттиг“.
24 ЯхIуд-махкахь кхин цхьаьна Iаш хир бу гIаланийн нах а, ахархой а, жаш дажош болу жаIуй
а. 25 ХIора кIадвеллачу стеган Аса хьогалла йойур ю,
ткъа хIора гIелвелларг Аса кхачанах вузор ву».
26 Со, сама а ваьлла, гонах дIасахьаьжира: сайн
гIан чIогIа тайра суна.
27 «ТIейогIур ю зама, – боху Везачу Эло, – Аса
Исраилан халкъан а, ЯхIудан халкъан а мехкашна
тIехь, ахархочо ялта кхиош санна, адамаш а,
дийнаташ а кхуьуьйтур йолу. 28 ДIаяханчу хенахь
Со хьожуш вара и халкъ орамашца дIадаккхийта а,
дохийта а, кагдайта а, хIаллакдайта а, цунна тIе
бохамаш байта а. Иштта, хиндолчу хенахь хьоьжур
ву Со уьш меттахIиттадайта а, лаьтта тIе
дIадогIийта а, – боху Везачу Эло. – 29 ‡†Цу хенахь
адамаша бохур дац:
„Дайша муьста кемсаш йоу,
ткъа берийн цергаш леха“.
30 Амма хIора стаг ша летийна долу къинош
бахьана долуш лийр ву. Муьста кемсаш мел
йиъначух лаьцна аьлча, ша-шен цергаш а лехар ю.
31 ‡‡ТIекхочуш ду денош, – боху Везачу Эло, – Аса
Исраилан тIаьхьенца а, ЯхIудан тIаьхьенца а *керла*
*барт* бен долу. 32 Церан дай, куьг а лаьцна, Мисар-
махкара арабохучу хенахь, Аса цаьрца бина барт
санна хир бац иза, хIунда аьлча цара и Сан барт
бохийна, Со шайн олахо воллушехь, – боху Везачу
Эло. – 33 ‡‡†ХIара денош дIадевлча, иштта барт бийр
бу Аса Исраилан тIаьхьенца, – боху Везачу Эло. –
Сан *товрат-хьехам* церан кортош чу буьллур бу,
ткъа иза церан дегнаш тIехь язбийр бу Аса. Со
церан Дела хир ву, ткъа царах Сан халкъ хир ду.
34 ‡‡‡ХIораммо а шен уллорачунна а, шен вешина а
кхин Iамор дац: „Веза Эла вовза“, – бохуш, хIунда
аьлча массарна а, хьалдолчунна тIера къечунна
тIекхаччалц, Со вевзар ву, – боху Везачу Эло. –
Цаьргара даьллачу вочунна Ас гечдийр ду, церан
къинош кхин дагадоуьйтур дац Аса».
35 Иштта боху Везачу Эло:
«Аса малх дийнахь схьакхоьтуьйту,
ткъа беттаса а, седарчий а буса схьакхоьтуьйту.
ТулгIенаш чIогIа гIоьргIуьйтуш,
хIорд карзахболуьйту Аса,
Сан цIе – массо а ницкъийн Веза Эла ю.
36 И дерриг а Суна хьалха кхочуш ца хуьлуш
сецнехьара, – боху Везачу Эло, –
Исраилан тIаьхье гуттаренна а
Сан халкъ хуьлучуьра дIаер яра».
37 Везачу Эло иштта боху:
«Лакхахь йолу стигалш юстур бен яцахьара,
лахахь болу лаьттан бух толлур бен бацахьара,
Аса Исраилан массо а тIаьхье дIатоттур яра
цара мел лелийна хIума бахьана долуш», –
боху Везачу Эло.
38 «ТIейогIуш ю Ярушалайм Сан дуьхьа
юхаметтахIоттон йолу зама, – боху Везачу Эло. –
Ерриг а гIала юхаметтахIоттор ю Хьананиалан
бIаьвнна тIера дуьйна Сонерчу кевнна

† *Рахьал *– иза Якъубан зударех цунна дукхаезаш ерг яра. Цунах Юсупан а, Бен-Яманан а тайпанаш схьадевллера. Кхузахь Рахьал дерриг а Исраилан халкъ санна ю.** †† *Эпрайман халкъ *– ХIушаI-пайхамаран тептар тIехь санна, иза Исраилан къилбаседера пачхьалкх бохург ду. Оцу пачхьалкха чу Исраилан халкъах итт тайпа догIура, ткъа Эпрайман тайпа царах цхьаъ дара.** ‡ *Беза лам *– иза Ярушалайм-гIалахь болу Цийон-лам бу.**

‡† *31:29 Яхьазкхиал 18:2.* ‡‡ *31:31-34 Iебархошка 8:8-12.* ‡‡† *31:33 Iебархошка 10:16.* ‡‡‡ *31:34 Iебархошка 10:17.*

тIекхаччалц. 39 Дохалла дустаран тIийраг Сонерачу
кевнна тIера ГIарабан гуна тIе а кхочий, ГуIа-метте
дIайоьрзур ю. 40 Декъий дIадухкуш йолу а, юкъ
тIекхуссуш йолу а тогIи, иштта малхбалехь долчу
Кхидрун-хина тIе а, къилбаседехь долчу Говрийн
кевнна тIе а кхаччалц йолу аренаш а Везачу Элан
еза меттигаш хилла дIахIуьттур ю. Ткъа
Ярушалайм-гIала цхьана а заманахь орамашца
дIаяьккхина я йохийна кхин хир яц».

### Ярми-ЯхIус кха эцар

32 †Везачу Элера хIара дош кхечира Ярми-
ЯхIуга яхIудхойн паччахь ЦIадукъ-ЯхIу
паччахьаллехь волчу уьтталгIачу шарахь. Иза
иштта Набухди-Нецар Бавелан паччахь волу
берхIитталгIа шо а дара. 2 Цу заманахь бавелхойн
паччахьан эскаро Ярушалаймана го бинера. Ярми-
ЯхIу-пайхамар яхIудхойн паччахьан цIахь йолчу
гIаролхойн кертахь чувоьллина вара. 3 Иза
яхIудхойн паччахь волчу ЦIадукъ-ЯхIус цу чу
воьллина вара, хIунда аьлча цо Ярми-ЯхIу иштта
бехкевира: «Ахь хIунда бо иштта хаам: „Везачу Эло
боху, Ша кестта Ярушалайм Бавелан паччахьан
кара дIалур ю, Набухди-Нецара иза дIа а лоцур ю.
4 ЯхIудхойн паччахь волу ЦIадукъ-ЯхIу хашадхойн
карара вер вац. Иза Бавелан паччахьан кара
дIалур ву, цо цуьнца юьхь-дуьхьал къамел а дийр
ду, цунна иза шен бIаьргашца схьа а гур ву.
5 ЦIадукъ-ЯхIу цо Бавеле дIавуьгур ву. Иза цигахь
Iийр ву, Иза цигахь Iийр ву, Аса цунна дан
леринарг кхочушдаллалц, – иштта боху Везачу Эло.
– Нагахь аша хашадхошца тIом бахь, шу царал
тоьлур дац“».

6 Ярми-ЯхIус элира: «Иштта дара Везачу Элера
соьга хилла долу дош: 7 „Хьан ден вешин Шалуман
кIант Хьанамиал хьо волчу вогIуш ву хьоьга дIаала:
‘Соьгара Iанатот-гIалахь долу сан кха хьайна дIаэца
– вайна юкъахь долу гергарло бахьана долуш иза
эца хьан бакъо ю’“». 8 Сан ден вешин кIанта
Хьанамиала, Везачу Эло ма-аллара, со волчу а
веана, элира: «Iанатот-гIалина уллора, Бен-Яманан
латтанаш долчуьра сан кха хьайна дIаэца, хIунда
аьлча вайна юкъахь долу гергарло бахьана долуш
хьан бакъо ю иза эца а, хьайн дола даккха а.
Цундела и латта хьайна дIаэца». ТIаккха суна хиира
соьга хилла хаам Везачу Элера буйла. 9 Аса Iанатот-
гIалара и кха сайн шича волчу Хьанамиалера
ийцира, цунах вуьрхIитта шекхал †† дети а делира.
10 Латта оьцуш яздечу кехатна кIел куьг а яздина,
иза мухIарца чIагI а дина, тешаш схьа а кхайкхина,
терзанна тIехь дети уьйзира. 11 Цул тIаьхьа аса
эцаран кехат схьаийцира – шена тIехь барт а,
тIедожорш а яздина долу мухIарца чIагIдина долу
кехат а, иштта чIагIдаза долу кехат а. 12 Аса иза
Махьси-ЯхIун кIентан Нери-ЯхIун кIанте Барухе
дIаделира, сайн ден вешин кIантана Хьанамиалана
а, цу кехат кIел куьг яздина болчу тешашна а,
гIаролхойн кертахь охьахиъна Iаш мел болчу
яхIудхошна а хьалха. 13 Царна хьалха аса Барухана
тIедиллира: 14 «Исраилан Дела волчу массо а
ницкъийн Везачу Эло иштта боху: „ХIара эцаран
кехаташ – мухIарца чIагIдина долу кехат а, иштта
чIагIдаза долу кехат а – схьа а эций, кхийрачу
кхаби чу дIадилла, уьш заманан йохаллехь
лардайта“. 15 Исраилан Дела волчу массо а
ницкъийн Везачу Эло боху: „ЦIенош а, кхаш а,
кемсийн бошмаш а юха а хIокху махкахь оьцуш
хир ю“».

### Ярми-ЯхIун доIа

16 Латта оьцуш долу кехат Нери-ЯхIун кIанте
Барухе дIа а делла, Везачу Эле доIа дира аса: 17 «Сан
Хьалдолу Эла, Ахьа Хьайн боккхачу ницкъаца а,
тIекховдийначу куьйгаца стигалш а, латта а
кхоьллина, Хьоьга далур доцуш цхьа а хIума а дац.
18 Веза Эла, Ахьа эзарнашкахь болчарна Хьайн
хедар боцу безам гойту, амма дайша летийна долу
къинош бахьана долуш, церан берашна таIзар до.
Хьо сийлахь а, нуьцкъала а Дела ву, Шен цIе массо
а ницкъийн Веза Эла йолуш волу! 19 Хьан хьехамаш
баккхий а бу, Хьан гIуллакхаш нуьцкъала а ду. Хьан
бIаьргашна гуш ду адамаша мел деш дерг, Ахьа
хIоранна а цо диначуьнга хьаьжжина, цунна
доггIург дIало. 20 Веза Эла, Ахьа инзаре гIуллакхаш
а, тамашийна билгалонаш а йина Мисар-махкахь,
ткъа хIара хан тIекхаччалц изза деш ву Хьо
Исраил-махкахь а, массо а адамаш долчу меттехь а.
И хIума бахьана долуш массанхьа а гIараяьлла
Хьан цIе. 21 Тамашийна билгалонаш а, инзаре
гIуллакхаш а деш, нуьцкъалчу куьйгаца а,
тIекховдийначу пхьаьрсаца а, доккхачу къематаца
а Хьайн Исраилан халкъ Мисар-махкара
арадаьккхина Ахьа. 22 Ахьа царна хIара латта а
делла, церан дайшна лур ду аьлла Айхьа чIагIо
йина долу. И токхе латта шуьрех а, мазах а дуьзна
ду. 23 Цара, цу лаьтта тIе а баьхкина, иза шайн дола
даькккхина. Амма Ахьа бохучуьнга цара ла ца
дугIура, Хьан товрат-хьехамца уьш ца лелара. Ахьа
шайна кхочушдан тIе мел диллинарг цара кхочуш
ца дора. И хIума бахьана долуш Ахьа царна тIе и
массо а бохамаш баийтина.

24 Хьажахьа, мостагIаша гIалина гонах, латта
хьала а тесна, гунаш дина, шайна иза схьаяккха
атта хилийта. Туьро а, мацалло а, Iожаллин уьно а
гIалина тIелеташ болчу хашадхойн кара
дIадолуьйтур ду цуьнан халкъ. Веза Эла, Ахьа
аьлларг хуьлуш лаьтташ ду, иза Хьуна гуш а ду.
25 Ткъа Ахьа, сан Хьалдолу Эла, соьга элира:
„Хьайна детих кха эца, и кха оьцучу хенахь тешаш
а балабе“. Иза Ахьа соьга боху, хашадхойн эскар
гIала дIалаца кечделлачу хенахь».

26 ТIаккха Везачу Элан дош кхечира Ярми-ЯхIуга:
27 «Ярми-ЯхIу, Со – Веза Эла ву, массо а адамашна
тIехь Дела волу. Соьга далур доцуш цхьа хIума дуй

† 32:1 ТIаьххьарнаш 25:1-7. †† Шекхал *– иза ши бIе
грамм гергга ю.*

те?» 28 †Цундела Везачу Эло иштта боху: «Ас кестта
Ярушалайм хашадхойн а, Бавелан паччахь волчу
Набухди-Нецаран а кара дIалур ю, цо иза дIа а
лоцур ю. 29 Цунна тIелеташ болчу хашадхоша,
гIалина чу а баьхкина, гIаланах цIе а латийна, иза
ягор ю. Шайн тхевнашна тIехь БаIална *хаза хьожа
йогIу хIума* ягорна а, кхечу деланашна чагIаран
сагIанаш дахарна а, наха Со оьгIазвахийтина массо
а цIенош шаьш дагийна хир ду. 30 Исраилан а,
ЯхIудан а халкъаша, шаьш кегий долчу хенахь
дуьйна, Суна вон хеташ долу гIуллакхаш дина. Цу
халкъаша Со оьгIазвахийтина, шайн куьйгашца
цара мел лелийнарг бахьана долуш, – боху Везачу
Эло. – 31 ХIара гIала йинчу хенахь дуьйна таханлера
де тIекхаччалц кхуьнан бахархоша Со оьгIазвоьду
хIуманаш лелийна, цундела хIара Сайн бIаьргашна
хьалхара дIаяккха сацам бина Аса. 32 Ас иза дийр
ду, Исраилан а, ЯхIудан а халкъаша мел лелийна
вонаш бахьана долуш. Цара а, церан паччахьаша
а, баьччанаша а, динан дайша а, пайхамарша а,
иштта ЯхIудан халкъо а, Ярушалайман бахархоша а
и массо а вон гIуллакхаш леладора. 33 Шайн юьхьан
метта цара Суна букъ берзийна. Со уьш юх-юха а
Iамо гIертахь а, цара Соьга ла а ца дугIура, шаьш
Соьга нийсачу новкъа а ца буьгуьйтура. 34 ††Сан цIе
лелош долчу цIа чохь цара шайн дегаза цIуш
дIахIиттийна, и цIа бех а деш. 35 ‡Бен-ХIинам-тогIи
чохь цара БаIална лерина сагIа доккху меттигаш
кечйира, цигахь шайн кIентий а, зудабераш а
*Мулка-харцдалла* сагIина дIабалархьама. И хIума
Аса царна тIе ца диллина, ткъа иза Суна дагадеана
а дац. Иза бахьана долуш цара ЯхIудан халкъе къа
латадайтира».

## Сатийсамна йолу чIагIо

36 «Ахьа а, хьоьца болчара а оцу гIаланах лаьцна
боху: „Туьро а, мацалло а, Iожаллин уьно а и гIала
Бавелан паччахьан кара дIайолуьйтур ю“. Ткъа
хIинца ладогIа, – боху Исраилан Везачу Дала, – оцу
гIаланах лаьцна Аса бохучуьнга. 37 Сайн
оьгIазаллица а, дераллица а, йоккхачу моханца а
уьш дIалаьхкина болчу массо а мехкашна юкъара
Аса билггал юхадерзор ду Сайн халкъ. Аса уьш
хIокху метте юхаберзор бу, сашортехь Iайтархьама.
38 Уьш Сан халкъ хир ду, ткъа Со церан Дела хир ву.
39 Церан дегнаш чу цхьана новкъахь лелаaран лаам
лур бу Аса царна: массо а деношкахь Суна хьалха
ларамах буьзна баха лаур ду царна. Иза церан
диканна а, церан тIаьхьенан диканна а хир ду.
40 Аса цаьрца массо а тIейогIучу ханна барт бийр
бу: царна диканиг дечуьра Со цкъа а соцур вац, Ас
церан дегнаш чу Сайна болу кIорга ларам а
кхуллур бу, уьш кхин Сох дIа ца къастийта. 41 Со
царах сакъералуш хир ву, царна Айса дика дечу
хенахь. Сайн даггара а, сайн синера а болчу
лаамца Ас уьш хIокху лаьтта тIе чIагIбина баха
охьаховшор бу».
42 Везачу Эло иштта боху: «Айса цу халкъана
бохамаш бина хиларе терра, Айса лур ду аьлла
дика мел дерг царна дийр ду Ас. 43 ХIинца оцу
махках наха иштта олу: „И мохк бассабелла бу, кху
тIехь я адамаш а, я хьайбанаш а дац, хIунда аьлча
иза хашадхойн кара дIабелла бу“. Делахь а,
хинйолчу хенахь оцу махкахь кхаш кхин а оьцур
ду. 44 Адамаша детих латтанаш а оьцур ду, и латта
оьцуш куьйгаш а теIадеш, мухIарца чIагIдина
кехаташ а хир ду, и латта эцаран тешаш а хир бу.
Иза Бен-Яман-махкахь а, Ярушалайман гонахарчу
меттигашкахь а, ЯхIуд-махкарчу гIаланашкахь а,
гунаш тIехь а, малхбузехьа долчу акъари тIехь а,
иштта къилбехьа йолчу меттигашкахь а хир ду. Иза
иштта хир ду, хIунда аьлча Ас оцу халкъан аьтто
юхаметтахIоттор бу», – боху Везачу Эло.

## Халкъ юхаметтахIотторан ваIда

33 Везачу Элера шолгIа а хаам кхечира Ярми-
ЯхIуга, иза хIинца а гIаролхойн кертахь
набахти чохь воллучу хенахь. 2 «Иштта боху Везачу
Эло, латта кхоьллина а, цунна куц делла а, иза
чIагIдина а Волчо, Шен цIе Веза Эла Йолчо: 3 „Орца
даккха Соьга, ткъа Ас жоп лур ду хьуна. Ас даккхий
а, дIахьулдина а хIуманаш дIакхайкхор ду хьуна,
хьалха хьуна хиъна доцу. 4 Исраилан халкъан
Везачу Дала хIара боху Ярушалаймехь долчу
цIенойх а, иштта ЯхIуд-махкарчу паччахьийн
цIенойх а лаьцна: гIала схьалацархьама
мостагIаша динчу лаьттан гунех а, иштта
мостагIчун туьрах а лардеш дохадора и цIенош.
5 Цхьаболчара хашадхошца тIом бийр бу, ткъа
мостагIаша гIалин цIенош дузур ду Сайн
оьгIазаллица а, дераллица а Айса мел байинчеран
декъех, хIунда аьлча бахархоша лелийна вонаш
бахьана долуш Аса Сайн юьхь гIаланах
къайлаяьккхинера. 6 Делахь а, Ас гIалина дарба а,
лоралла а дийр ду. Цуьнан халкъ Ас, то а дина,
цунна машар а, сашорте а йовзуьйтур ю. 7 Ас
Исраилан халкъан а, ЯхIудан халкъан а аьтто
юхаметтахIоттор бу, ткъа Аса уьш, хьалха санна,
чIагIдийр ду. 8 Суна дуьхьал цара мел летийначу
къинойх Аса цIандийр ду уьш, ткъа Сайна
дуьхьалбовларца цара мел лелийнарг Аса царна
гечдийр ду. 9 Ярушалайм-гIалано дуьненан массо а
къаьмнашна хьалха Суна гIарадаккхар а, хазахетар
а, хастам а, сий а доккхур ду, Айса цунна мел дина
дика царна хезча. Ларамах а буьзна, уьш бегош
хир бу, Аса цунна ден долу дика а, аьтто а шайна
дIагича“».
10 Иштта боху Везачу Эло: «Оцу меттигах лаьцна
аша боху: „Иза яссийна ю, кхузахь я адамаш а, я
дийнаташ а дац“. Бакъду, ЯхIуд-мехкан
гIаланашкахь а, Ярушалайман урамашкахь а я
адамаш а, я бахархой а, я дийнаташ а дац. Делахь
а, оцу меттигашкахь кхин а хезаш хир ду

† *32:28 ТIаьхххьарнаш 25:1-11; 2 Шерашкахь 36:17-21.* †† *32:34 ТIаьхххьарнаш 23:10; Ярми-ЯхIу 7:30, 31; 19:1-6.* ‡ *32:35 а: ТIаьхххьарнаш 23:10; Ярми-ЯхIу 7:31; б: Iамалъяр 18:21.*

11 †синкъераман а, хазахетаран а аьзнаш, зуда ялош
волчун а, маре йоьдучун а аьзнаш. Иштта хезаш
хир ду баркаллин сагIанаш Сан деза цIа долчу
дахьачеран аьзнаш а. Цара эр ду:
„Баркалла ала массо а ницкъийн Везачу Элана,
Иза дика хиларна.
Цуьнан хедар боцу безам абаденналц бу“.
Иза иштта хир ду, хIунда аьлча Ас хIокху мехкан
аьтто, хьалха санна, юхаметтахIоттор бу», – боху
Везачу Эло.
12 Иштта боху массо а ницкъийн Везачу Эло:
«Адамаш а, дийнаташ а доцучу хIокху бассийначу
махкахь а, оцу мехкан массо а гIаланашкахь а юха
а дежийлаш хир ю, жаIушка шайн жашка цигахь
садаIийтархьама. 13 Лаьмнашкахь а, малхбузерачу
акъарехь а, къилберачу махкахь а йолчу
гIаланашкахь а, Бен-Яман-махкахь а,
Ярушалаймана гонах йолчу ярташкахь а, ЯхIуд-
мехкан гIаланашкахь а кхин цкъа шаьш дагардеш
болчеран куьйга кIел жаш догIур ду», – боху Везачу
Эло.
14 ††«ТIекхочур ду, – боху Везачу Эло, – Ас Исраилан
халкъана а, ЯхIудан халкъана а дина дика *ваIда*
кхочушден денош. 15 Цу деношкахь а, цу заманахь
а Аса Даудан тIаьхьенах Сайн лаамехь йолу цхьа
зIийдаг кхиор ю. Цо хIокху лаьтта тIехь нийсо а,
бакъдерг а лелор ду. 16 Оцу деношкахь ЯхIудан
халкъ паргIат хир ду, ткъа Ярушалайман бахархой
сашортехь Iийр бу. ГIалин цIе иштта тиллина хир
ю: „Тхуна нийсо лелош волу Веза Эла“». 17 ‡Везачу
Эло иштта боху: «Даим Даудан тIаьхьенах хир
волчу цхьаццаммо паччахьалла дийр ду Исраилан
халкъана тIехь. 18 ‡†Иштта даим левихой болчу
динан дайх цхьаццаммо Суна уллохь гIуллакх дийр
ду, юх-юха дийнаташ дагоран а, кIен а, кхин
тайпана а долу сагIанаш а дохуш».
19 Ярми-ЯхIуга Везачу Элан дош кхечира:
20 «Везачу Эло иштта боху: „Дийнаца а, буьйсанца а
Аса бина барт шуьга бохалур белахьара, уьш шайн
хеннахь тIе ца кхочуьйтуш, 21 тIаккха Сан ялхо
волчу Даудаца бина барт бохалур бара, цуьнан
тIаьхьенах кхин цхьа а паччахь ца хуьлуьйтуш,
иштта левихошца Аса бина барт а бохалур бара,
шайна юкъара Суна гIуллакх деш болу динан дай
ца хуьлуьйтуш. 22 Стигалахь долу седарчий санна,
хIордан берда тIехь йолу гIум санна, ягар ца яллал
дукха тIаьхьe лур ю Ас Сан ялхо волчу Даудана а,
Суна гIуллакх деш болчу левихошна а“».
23 Везачу Элан дош кхечира Ярми-ЯхIуга: 24 «Оцу
наха дуьйцучун тидам биний ахь? Цара олу: „Ша
хаьржина долу ши халкъ Везачу Эло Шена уллора
дIатеттина“. Сан халкъ царна дола хета, хIинца иза
Сан къам кхин ца хета царна. 25 Амма Веза Эла
волчу Аса боху: нагахь дийнаца а, буьйсанца а Айса
бина барт а, иштта стигалах а, лаьттах а долу
весеташ а Айса чIагI ца динехьара, 26 тIаккха Аса
Якъубан а, Сан ялхо волчу Даудан а тIаьхье
дIатоттур яра, иштта ИбрахIиман а, Исхьакхан а,
Якъубан а тIаьхьенашна тIехь паччахьалла дан
Даудан тIаьхьенах цхьаъ хоржур вацара. Делахь а,
Сан къоман аьтто Аса юхаметтахIоттор бу, царах
къинхетам а бийр бу».

## ЦIадукъ-ЯхIуга дина дIахьедар

34 ‡‡Везачу Элера хаам кхечира Ярми-ЯхIуга,
Бавелан паччахь волу Набухди-Нецар а,
цуьнан мел долу эскар а, цуьнан куьйга кIел йолу
массо а пачхьалкхаш а, дерриг а къаьмнаш а
Ярушалаймана а, цунна гонах йолчу ярташна а
дуьхьал тIом беш долчу хенахь: 2 «Иштта боху
Исраилан Везачу Дала: „Ваха а гIой, яхIудхойн
паччахь волчу ЦIадукъ-ЯхIуга дIаала, иштта боху
Везачу Эло: ‘Ас кестта Ярушалайм Бавелан
паччахьан кара дIалур ю, тIаккха цо иза цIарца
ягор ю. 3 Хьо а вер вац цуьнан куьйга кIелара. Схьа
а лаьцна, хьо а цуьнан кара дIалур ву, хьан
бIаьргашца Бавелан паччахь гур ву хьуна, юьхь-
дуьхьал цуьнца къамел дийр ду ахь. ТIаккха хьо
Бавеле дIавуьгур ву’. 4 Делахь а, ладогIа Везачу Эло
бохучуьнга, яхIудхойн паччахь ЦIадукъ-ЯхIу!
Везачу Эло хьох лаьцна иштта боху: ‘Хьо туьро
вуьйр вац. 5 Хьо маьрша лийр ву. Хьол хьалха
паччахьаллехь хилла болу хьайн дайн сийнна хаза
хьожа йогIу хIуманаш ягош ма-хиллара, дIавуллучу
хенахь хьан сийнна а изза дийр ду, ткъа хьуна
тийжаш хир бу, ‹Маржа-яI, тхан паччахь!› бохуш. Цу
тIехь Ас дош ло хьуна’“», – боху Везачу Эло.
6 Ярми-ЯхIус и хаам Ярушалаймехь волчу
ЦIадукъ-ЯхIу-паччахье дIаэлира. 7 Цу хенахь
Бавелан паччахьан эскар Ярушалаймца а, ЯхIуд-
махкахь массо а схьалацаза йисинчу гIаланашца а
тIом беш дара. ЯхIуд-махкара чIагIйинчу
гIаланашна юкъахь схьалацаза Лахиш-гIала а,
Iазекхи-гIала а бен ца йисинера.

## Леш паргIатбахар

8 Ярми-ЯхIуга Везачу Элера хаам кхечира,
ЦIадукъ-ЯхIу-паччахьо Ярушалайман массо а
бахархошца, шайн леш паргIатбохур бу аьлла, барт
бинчул тIаьхьа. 9 Массара а Iебархой болу божарех
а, зударех а болу леш паргIатбаха безаш бара.
Цхьаннен а шайн къомах болу а, ЯхIудан тайпанах
болу а леш шайгахь сецо бакъо яцара. 10 Массо а
баьччанаша а, дерриг а халкъо а шайгахь болу
божарий-леш а, иштта зударий-леш а паргIатбаха
а, уьш кхин йийсарехь шайгахь латтор боцу а барт
тIеэцнера. И барт а бина, массара а шайн леш
дIахецнера. 11 Амма, ойла а йина, шаьш
паргIатбаьхна болу леш юхабало хIиттинера уьш.

† 33:11 1 Шерашкахь 16:34; 2 Шерашкахь 5:13; 7:3; Iезар 3:11; Забур 99:5; 105:1; 106:1; 117:1; 135:1. †† 33:14-16 Ярми-ЯхIу 23:5, 6. ‡ 33:17 Дауд 7:12-16; Сулим 2:4; 1 Шерашкахь 17:11-14. ‡† 33:18 Лелар 3:5-10.

‡‡ 34:1 ТIаьххьарнаш 25:1-11; 2 Шерашкахь 36:17-21.

Цара хьалха шайн леш хилла болу божарий а,
зударий а юха а леш бина дӀахӀиттийнера.
12 ТӀаккха Везачу Элера хаам кхечира Ярми-ЯхӀуга:
13 «Исраилан халкъан Везачу Дала иштта боху: „Шу
Мисар-махкара лоллехь долчуьра арадаьхначу
дийнахь Ас шун дайшца барт бира. Аса цаьрга
аьллера: 14 †ʻХӀора ворхӀалгӀа шо дӀа мосазза долу,
шуна ша воьхкина волу шайн къомах волу Іебархо
дӀахеца веза аша. Цуьнга шайна ялх шарахь болх
байта, тӀаккха иза мукъаваккхаʼ. Амма цара Соьга
ла ца дуьйгӀира, цара Со тидаме а ца ийцира.
15 Аша хӀинцца, дохко а девлла, Суна нийса хеташ
дерг леладора: аша хӀорраммо а шайн къомах волу
лай паргӀатвер ву элира. Сан цӀе лелош долчу
цӀийнан кертахь, Суна хьалха и хӀума кхочушдан
аша барт а бира. 16 Амма хӀинца шайн дегнаш юха
хийцира аша, Сан цӀе сийсаз а йоккхуш. Аша
шайна луъучу дӀабаха паргӀатбаьхна болу божарех
а, зударех а болу леш шайна юхабалийра, уьш юха
а шайна муьтӀахь а бина“. 17 Цундела Везачу Эло
боху: „Аша Соьга ла ца дуьйгӀира, шайн къомах
болчарна паргӀато а луш. Цундела Аса паргӀато лур
ю туьрана а, Іожаллин уьнна а, мацаллина а, – боху
Везачу Эло, – шу дайъийтархьама. Аса шуна
дечунна дуьненан массо а пачхьалкхаш Іадийна
лаьттар ю. 18 Суна хьалха бина барт а бохийна,
бертан тӀедожораш кхочуш ца диначаьрца Со
иштта хир ву: барт чӀагӀбеш хадийна долчу а, шина
эханна юккъехула шаьш девлла долчу а эсана
диннарг царна а дийр ду Аса. 19 Цу эсанан шина
эханна юккъехула бевлла болу ЯхӀуд-махкара а,
Ярушалаймера а баьччанаш а, паччахьан кертара
ялхой а, динан дай а, иштта дерриг халкъ а 20 уьш
байа гӀерташ болчу церан мостагӀашка Аса дӀалур
бу. Церан декъий стигаларчу олхазарийн а,
лаьттарчу акхаройн а даар хилла дӀахӀуьттур ду.
21 Аса яхӀудхойн паччахь волу ЦӀадукъ-ЯхӀу а,
цуьнан баьччанаш а уьш байа гӀерташ болчу
церан мостагӀийн кара дӀалур бу. Аса уьш Бавелан
паччахьан эскаран кара дӀалур бу, и эскар хӀинца
шуьца тӀом беш долчуьра юхадаьллехь а. 22 Ас
омра дийр ду, – боху Везачу Эло, – уьш и гӀала
йолчу юхабахкийта. Цара, тӀе а летта, иза схьа а
йоккхур ю, цӀарца ягор а ю. ЯхӀуд-махкара гӀаланаш
Аса яссор ю, цигахь цхьа а адам а хир дац дехаш“».

## Ярми-ЯхӀу а, рахбихой а

35 ††ЯхӀудхойн паччахь волчу ЯхӀу Юши-ЯхӀун
кӀант ЯхӀу-Якхам паччахьалла дечу хенахь
Ярми-ЯхӀуга Везачу Элера хӀара хаам беара:
2 «Рахбихой болчу а гӀой, цаьрга вист а хилий, уьш
Везачу Элан цӀийнан кертахь долчу цхьана чоьнна
чу кхайкха, царна чагӀар а ло». 3 Аса, Хьабацин-
ЯхӀун кӀант волчу Ярми-ЯхӀун кӀант Яъзан-ЯхӀу
сайца схьа а эцна, цуьнан массо а вежарий а,
кӀентий а – дерриг а рахбихойн тукхам – 4 Везачу
Элан цӀа долчу далийра. Йигдал-ЯхӀун кӀант волчу
а, Делан стаг волчу а Хьанан-пайхамаран мурдийн
цӀа чу балийра ас уьш. И чоь ЯхӀуд-мехкан элий
соцуш йолчу чоьнна уллохь а, иштта кевнан
гӀаролхо волчу Шалуман кӀант МаӀсей-ЯхӀун
чоьнна тӀехула а яра. 5 ТӀаккха Аса, рахбихойн
доьзална хьалха кедаш а, чагӀарх юьзна йолу масех
кхаба дӀа а хӀоттийна, элира: «Мала чагӀар».
6 Амма цара элира: «Оха чагӀар ца молу, хӀунда
аьлча Рахбин кӀант а, тхан дайн да а волчу ЯхӀу-
Надаба тхуна тӀедиллина: „ЧагӀар ма малалаш цкъа
а, я аша а, я шун бераша а. 7 ЦӀенош а ма де, хӀу дӀа
а ма де, кемсийн бошмаш а ма кхиае, уьш шайн
долахь а ма хилийта, ткъа шаьш даим четарш чохь
Іе. ТӀаккха дехха дахалур ду шу шаьш арадевлла
лелачу лаьтта тӀехь“, – аьлла. 8 Оха ладуьйгӀира
тхан да а, Рахбин кӀант а волчу ЯхӀу-Надаба
бохучуьнга. Оха а, тхан зударша а, тхан кӀенташа а,
йоӀарша а цкъа а чагӀар ца молу. 9 Оха иштта
тхайна чохь Іан цӀенош а ца до, тхан кемсийн
бошмаш а яц, я кхаш а, я цу тӀехь йолуш хӀума а яц
тхан. 10 Тхо хӀинццалц а четарш чохь дехаш ду.
Иштта, массо а хӀуманна тӀехь тхан да волчу ЯхӀу-
Надаба тӀедиллинарг кхочушдина оха. 11 Делахь а,
Бавелан паччахь волу Набухди-Нецар кху лаьтта
тӀе гӀоьртича, оха элира: „Дуьйло, Ярушалайме
дӀагӀо вай, хашадхойн а, арамхойн а эскарх
кӀелхьардовлархьама“. Цундела тхо Ярушалаймехь
дехаш ду».
12 Цул тӀаьхьа Ярми-ЯхӀуга хаам кхечира Везачу
Элера: 13 «Иштта боху Исраилан халкъан Дела
волчу массо а ницкъийн Везачу Эло: „Ваха а гӀой,
Соьгара хаам ЯхӀуд-махкарчу халкъана а,
Ярушалайман бахархошна а дӀабовзийта: ʻАса
бохучуьнга муха ладогӀа деза хӀокху масалх Іама
шуна ца лаьа те? – боху Везачу Эло. – 14 Рахбин
кӀанта ЯхӀу-Надаба шен тӀаьхьенна, чагӀар ма мала
аьлла, тӀедиллинарг кхочушхуьлуш схьадогӀуш ду.
Уьш таханлера де тӀекхаччалц чагӀар ца молуш
схьабогӀуш бу, шайн ден весет кхочуш а деш. Ткъа
Со юх-юха а шуьга дуьйцуш Іаш ву, амма аша Соьга
ла ца дугӀу. 15 Аса шу долчу юх-юха а массо а Сайн
ялхой болу пайхамарш бохуьйтура дӀаала:
‹ДӀадовла шайн вочу некъаш тӀера, сацаде шаьш
лелош долу хӀуманаш, дӀадовла кхечу деланашна
тӀаьхьара, царна Іамал а еш. Аша Аса бохург дахь,
Ас шуна а, шун дайшна а деллачу хӀокху лаьтта
тӀехь дехар ду шу›. Амма аша Ас шайга бохучуьнга
ла ца дугӀура. 16 Рахбин кӀентан ЯхӀу-Надабан
тӀаьхьено шайн дас шайга дина весет кхочушдо,
ткъа хӀокху къомо Соьга ла ца доьгӀнаʼ. 17 Цундела
Исраилан халкъан Дела волчу массо а ницкъийн
Везачу Дала боху: ʻЯхӀудан халкъана а,
Ярушалаймехь болчу массо а бахархошна а Айса
бийр бу аьлла мел болу бохамаш бийр бу, хӀунда
аьлча цара Ас шайга мел баьхначуьнга ла ца
доьгӀна, Ас шайга кхайкхича, цара Суна жоп ца
деллаʼ“».

† 34:14 Арадаккхар 21:2; Карлабаькхинарг 15:12. †† 35:1 ТӀаьххьарнаш 23:36–24:6; 2 Шерашкахь 36:5-7.

[18] Ткъа рахбихошка Ярми-ЯхӀус элира: «Исраилан
халкъан Дела волчу массо а ницкъийн Везачу Эло
боху: „Шайн да волчу ЯхӀу-Надабе аша ладугӀура,
цо мел дина весет аша кхочуш а дора, иштта массо
а хӀуманна тӀехь цо ма-аллара шу лелара. [19] И хӀума
бахьана долуш, – боху Исраилан халкъан Дела
волчу массо а ницкъийн Везачу Эло, – Рахбин кӀант
волчу ЯхӀу-Надабан тӀаьхьенах гуттаренна а Суна
гӀуллакх деш волу, милла хилла а, цхьаъ хир ву“».

### Делан цӀийнан кертахь Баруха тептар дӀадешар

36 [†]ЯхӀудхойн паччахь волчу Юши-ЯхӀун кӀанта
ЯхӀу-Якхама олалла до доьалгӀа шо долуш,
Ярми-ЯхӀуга Везачу Элера иштта хаам кхечира:
[2] «Хьарчийна тептар схьа а эций, Исраилан къомах
а, ЯхӀудан къомах а, массо а кхечу къаьмнех а
лаьцна Аса хьоьга мел дийцинарг дӀаязде. Юши-
ЯхӀу паччахьаллехь волуш Со хьоьга дуьххьара
вистхиллачу хенахь дуьйна хӀара де тӀекхаччалц
Аса хьайга бина хаамаш дӀаязбе. [3] ЯхӀудан къомана
дӀахаза а мега, Ас царна мел бан леринчу бохамах
лаьцна, тӀаккха шаьш лелош долчу вочу некъаш
тӀера дӀабовла а тарлора уьш. Иза иштта хилча, Ас
церан массо а къиношна а, зуламашна а гечдийр
дара».
[4] ТӀаккха Ярми-ЯхӀус Нери-ЯхӀун кӀант Барух
схьакхайкхира. Везачу Эло шега мел аьлла дешнаш
Ярми-ЯхӀус дӀа а олуш, Баруха уьш хьарчийначу
тептар тӀе дӀаяздора. [5] Цул тӀаьхьа Ярми-ЯхӀус
элира Барухе: «Со Везачу Элан цӀийнан керта ваха
йиш йолуш вац: цу чу вахар суна дихкина ду.
[6] Цундела наха *марха* кхобучу дийнахь Везачу Элан
цӀа долчу гӀо, ас дӀадуьйцучу хенахь айхьа
дӀаяздина Везачу Элан дешнаш гулбеллачарна дӀа
а деша. Уьш ахьа дӀадеша деза шайн гӀаланашкара
Ярушалайме схьагулбеллачу массо а яхӀудхошна.
[7] Цара Везачу Эле шайн дехарш дан ма мега, уьш
шайн вочу новкъах дӀабовла ма мега, хӀунда аьлча
Везачу Эло оцу къомана дӀакхайкхийна оьгӀазалла
а, дералла а чӀогӀа йоккха ю». [8] Нери-ЯхӀун кӀанта
Баруха дерриг а шега Ярми-ЯхӀу-пайхамаро ма-
аллара дира. Цо Везачу Элан цӀийнан кертахь
тептар тӀехь дӀаяздина долу Везачу Элан дешнаш
аз айина дӀадийшира.
[9] ЯхӀудхойн паччахь волу Юши-ЯхӀун кӀант ЯхӀу-
Якхам паччахьаллехь волчу пхоьалгӀачу шеран
уьссалгӀачу баттахь Ярушалайман бахархошка а,
иштта ЯхӀуд-махкарчу гӀаланашкара Ярушалайм-
гӀала даьхкинчу массо а адамашка а Везачу Элан
хьалха марха кхаба дӀакхайкхийра. [10] Цу хенахь
Баруха, гулбеллачу массо а нахана а хезаш, Везачу
Элан цӀа долчохь хьарчийначу тептар тӀера Ярми-
ЯхӀун дешнаш дӀадийшира. Йозанча волчу
Шапанин кӀентан Гамар-ЯхӀун цӀа чуьра и тептар
дӀадоьшуш вара Барух. Цуьнан цӀа лакхарчу
кертахь, Везачу Элан цӀийнан керлачу кевнна
уллохь дара.

### Тептар баьччанашна хьалха дӀадешар

[11] Тептар тӀера дӀадоьшуш долу Везачу Элан массо
а дешнаш хезаш вара Шапанин кӀентан Гамар-
ЯхӀун кӀант Мика-ЯхӀу. [12] Иза паччахьан гӀалина
чохь долчу йозанчин цӀа чу велира. Цигахь мехкан
массо а баьччанаш бара Ӏаш: паччахьан йозанча
волу Эли-ШамаӀ а, ШамӀа-ЯхӀун кӀант Дали-ЯхӀу а,
Ӏахбаран кӀант Эли-Ната а, Шапанин кӀант Гамар-
ЯхӀу а, Хьанан-ЯхӀун кӀант ЦӀадукъ-ЯхӀу а, иштта
кхиболу мехкан баьччанаш а. [13] Нахана хьалха
тептар тӀера Баруха дӀадоьшуш шена хезна массо а
дешнаш Мика-ЯхӀус мехкан баьччанашна
дӀадийцира. [14] ТӀаккха мехкан баьччанаша Барух
волчу Хушин кӀант волчу Шалам-ЯхӀун кӀентан
Натан-ЯхӀун кӀант ЯхӀуди вахийтира цуьнга иштта
вистхила: «Халкъана хьалха дӀадешна долу тептар
схьа а эций, соьца схьавола», – аьлла. Нери-ЯхӀун
кӀант Барух, и тептар схьа а эцна, уьш болчу
схьавеара. [15] Цара цуьнга, охьа а хаий, шайна
хозуьйтуш и тептар дӀадеша элира. Баруха иза
дӀадийшира. [16] Цу тӀехь дерг шайна хезча,
баьччанаша, кхерамца вовшашка а хьаьвсина,
Барухе элира: «И дерриг а паччахье дӀадийца деза
оха». [17] Цара Барухе хаьттира: «Дийцал, муха
дӀаяздина ахьа и дешнаш? Ярми-ЯхӀус ма-аллара,
яздиний ахьа уьш?»
[18] Баруха цаьрга элира: «Цо шен багахула хӀара
дешнаш схьааьлча, аса уьш шекъанца хӀокху
хьарчийначу тептар тӀе дӀаяздина».
[19] ТӀаккха баьччанаша Барухе элира: «Хьо Ярми-
ЯхӀуца цхьаьна дӀалачкъа веза, цхьаьнгге а
шаьшшиъ мичахь ву дӀа а ца хоуьйтуш».

### Паччахьо тептар дагор

[20] И тептар паччахьан йозанча волчу Эли-
ШамаӀан чохь а дитина, кертахь волчу паччахьна
тӀе бахара баьччанаш. Цара и массо а хӀума
паччахье дӀадийцира. [21] Паччахьо ЯхӀуди
вахийтира, и тептар схьада аьлла. Паччахьан
йозанча волчу Эли-ШамаӀера и тептар схьа а эцна,
ЯхӀудис иза схьадеара. Цо, паччахьна а, цунна
уллохь лаьтташ болчу массо а баьччанашна а
хозуьйтуш, иза дӀадийшира. [22] И шадерг а шеран
уьссалгӀачу баттахь дара, цундела паччахь ша Ӏа
доккхуш хуьлучу цӀа чохь вара. Иза, шена хьалха
кхерчахь йогуш цӀе а йолуш, Ӏаш вара. [23] ЯхӀудис
хьарчийначу тептар тӀехь яздинчух кхо-биъ
бӀогӀам дӀа мосазза боьшу а, паччахьо цо
дӀадешнарг, жимачу уьрсаца схьа а хададой, цӀерга
кхуссура. Цо иштта дира, и дерриг а тептар
цӀергахь дагийна дӀадаллалц. [24] Я паччахь а, я
цуьнан берриг ялхой а, цу тептар тӀера дешнаш
шайна хезча, кхера а ца белира, цара шайна тӀера
бедарш а ца этӀийра. [25] Эли-Натас а, Дали-ЯхӀус а,

† *36:1 ТӀаьххьарнаш 24:1; 2 Шерашкахь 36:5-7; Даниал 1:1, 2.*

Гамар-ЯхIус а дехарш динехь а, паччахье и тептар
ма дагаде бохуш, амма цо цаьрга ла ца дуьйгIира.
26 Паччахьо шен кIанте Ярахьмиале а, Iазриалан
кIанте Сари-ЯхIуга а, Iабдиалан кIанте Шалам-
ЯхIуга а омра дира, йозанча волу Барух а, Ярми-
ЯхIу-пайхамар а схьалаца аьлла, амма Везачу Эло и
шиъ къайлаваьккхинера.

### Ярми-ЯхIус кхин тептар яздар

27 ЯхIу-Якхам-паччахьо Ярми-ЯхIун багара
схьадаьлла а, Баруха дIаяздина а дешнаш тIехь
долу тептар дагийначул тIаьхьа, Везачу Элан дош
кхечира Ярми-ЯхIуга: 28 «Хьарчийна керла тептар
схьа а эций, цу тIе яхIудхойн паччахьо ЯхIу-Якхама
дагийначу тептар тIехь хилла долу дешнаш
дIаязде. 29 ЯхIудхойн паччахь волчу ЯхIу-Якхаме
дIаала: „Иштта боху Везачу Эло: ахьа хIара тептар
дагийна: ‘ХIунда яздина ахьа кху тIе Бавелан
паччахь схьа а веана, цо хIара латта хIаллакдийр
ду, цу тIехь мел долу адамаш а, хьайбанаш а
дойуш?’ – аьлла. 30 Цундела иштта боху Везачу Эло
ЯхIу-Якхамах лаьцна: ‘Цуьнан тIаьхьенах цхьаммо
а, Даудан тIаьхьенах волчо санна, паччахьалла
дийр дац. Цуьнан дакъа дийнахь хуьлучу йовхоне
а, буьйсанна хуьлучу шелоне а охьакхуссур ду. 31 Ас
таIзар дийр ду ЯхIу-Якхамна а, цуьнан тIаьхьенна а,
иштта цуьнан ялхошна а цара лелийна харцо
бахьана долуш. Ас царна а, Ярушалаймерчу
бахархошна а, иштта ЯхIуд-махкарчу нахана а Айса
мел бийр бу аьлла болу бохамаш бийр бу’“».
32 Ярми-ЯхIус, хьарчийна тептар схьа а эцна,
йозанча волчу Нери-ЯхIун кIанте Барухе дIаделира.
Цул тIаьхьа яхIудхойн паччахь волчу ЯхIу-Якхама
дагийначу тептар тIехь мел хилла дешнаш Ярми-
ЯхIус дIа а олуш, Баруха уьш керлачу тептар тIе
дIаяздира. Цу дешнаш тIе цу тайпана кхин а дуккха
а кхидолу дешнаш а дара дIаяздина.

### ЦIадукъ-ЯхIу-паччахьо Ярми-ЯхIуга дехар дар

37 †Бавелан паччахь волчу Набухди-Нецара,
ЯхIу-Якхаман кIентан ЯхIу-Яхинан метта,
ЯхIуд-махкахь паччахьалла дан Юши-ЯхIун кIант
ЦIадукъ-ЯхIу охьахаийра. 2 Я ЦIадукъ-ЯхIус а, я
цуьнан ялхоша а, я цу пачхьалкхехь болчу наха а
ла ца дугIура пайхамар волчу Ярми-ЯхIугахула
Везачу Эло аьллачуьнга.
3 ЦIадукъ-ЯхIус Шалам-ЯхIун кIант ЯхIукал а,
МаIсей-ЯхIун кIант *динан да* волу Цапни-ЯхIу а
вахийтира Ярми-ЯхIу-пайхамар волчу дIаала:
«Тхуна тIера доIа дехьа вайн Везачу Деле». 4 Ярми-
ЯхIу хIинца а набахти чу воьллина вацара, цундела
иза шена луъучу метте ваха йиш йолуш вара.
5 Эццахь пирIунан эскар Мисар-махкара арадаьлла
хилла, ткъа Ярушалайм дIалацархьама го бина
лаьтташ долу хашадхойн эскар, и хIума шайна
дIахезча, Ярушалаймана уллора юхаделира.
6 ТIаккха Везачу Элера хаам кхечира Ярми-ЯхIу-
пайхамаре: 7 «Иштта боху Исраилан халкъан
Везачу Дала: Соьга хаттарш дан хьо Суна тIе
ваийтинчу ЯхIуд-мехкан паччахье иштта дIаала:
„Хьуна гIоьнна арадаьлла долу пирIунан эскар
Мисар-махка юхадоьрзур ду. 8 Ткъа хашадхой,
Ярушалайме юха а бирзина, хIокху гIалина дуьхьал
кхин цкъа а тIом беш дIахIуьттур бу. Схьа а
яьккхина, иза цIергахь ягор ю цара“. 9 Иштта боху
Везачу Эло: „Шаьш-шайга Iеха ма лолаш, хашадхой
шаьш долчуьра дIагIур бу бохуш, хIунда аьлча уьш
дIагIур бац. 10 Аша шайна дуьхьал тIом беш долу
хашадхойн эскар дерриг а хIаллакдахь а, царах
чевнаш хилла тIемалой бен шайн четаршкахь
бисина ца хилахь а, цара, хьала а гIевттина, шайн
четаршна чуьра ара а бевлла, хIара гIала цIарца
ягор яра“».

### Ярми-ЯхIу дIалацар

11 ПирIунан эскар схьагIортарна, хашадхойн эскар
Ярушалаймана уллора дIададаьллачул тIаьхьа,
12 Ярми-ЯхIу Ярушалаймера Бен-Яман-махка
дIаваха хIоьттира, цигахь доьзалан лаьттан шен
декъан дола дархьама. 13 Амма иза Бен-Яманан
кевне кхаьчча, цигарчу гIаролхойн хьаькамо
Хьанан-ЯхIун кIентан Шалам-ЯхIун кIанта Йираъ-
ЯхIус Ярми-ЯхIу-пайхамар сацийра: «Хьо
хашадхошкахьа вала воллуш ма ву!» – аьлла.
14 Ярми-ЯхIус цуьнга элира: «Иза бакъ дац. Со
хашадхошкахьа вала воллуш вац». Амма цо цуьнга
ла ца дуьйгIира. Йираъ-ЯхIус иза, дIа а лаьцна,
баьччанаш болчу дIавигира. 15 Ярми-ЯхIуна
оьгIазбаханчу баьччанаша, цунна етта а йиттина,
йозанча волчу ЯхIунатин цIа чу воьллира, хIунда
аьлча цу цIийнах цара набахти йинера. 16 Ярми-
ЯхIу цу цIийнан уггар бухарчу чоьнна чу воьллира,
цу чохь дуккха хан а яьккхира цо.
17 Цул тIаьхьа ЦIадукъ-ЯхIу-паччахьо, цунна
тIаьхьа нах а бахийтина, иза схьавалавайтира.
Шен паччахьан цIахь паччахьо цуьнга къайлаха
хаттар дира: «Везачу Элера хаам хиллий?»
Ярми-ЯхIус жоп делира: «Хилла. Хьо Бавелан
паччахьан кара дIалур ву», – аьлла. 18 Ярми-ЯхIус
ЦIадукъ-ЯхIу-паччахье элира: «Стенна бехке ву со
хьуна а, хьан баьччанашна а, хIокху халкъана а
хьалха, аша набахти чу воллал? 19 Мичахь бу шуьга:
„Бавелан паччахь хьуна а, хIокху махкана а
тIелетар вац“, – бохуш, хаамаш бина болу шун
пайхамарш? 20 Ткъа хIинца ладогIахьа соьга, сан
олахо волу паччахь, хьайга дехар дан пурба лохьа
суна. Ма вигийтахьа со йозанча волчу ЯхIунатин
цIа: ахьа иза дахь, со цигахь лийр ву».
21 ЦIадукъ-ЯхIус омра дира, Ярми-ЯхIу гIаролхойн
кертахь чуволла, гIалахь долу бепиг чекхдаллалц
цунна хIора дийнахь бепиг доттуш болчийн
урамера бепиг а луш. Иштта, Ярми-ЯхIу гIаролхойн
кертахь чувоьллина Iаш вара.

† *37:1 ТIаьххьарнаш 24:17; 2 Шерашкахь 36:10.*

## Ярми-ЯхIу гIу чу кхоссар

38 Матанин кIантана Шапат-ЯхIуна а,
Пашихьуран кIантана Гадал-ЯхIуна а, Шалам-
ЯхIун кIантана ЯхIукалана а, Малки-ЯхIун кIантана
Пашихьурна а хезира, Ярми-ЯхIус массо а халкъе
иштта дешнаш дIакхайкхош: 2 «Иштта боху Везачу
Эло: „ХIокху гIалахь виснарг туьро, я мацалло, я
Iожаллин уьно вуьйр ву, амма, гIалара ара а
ваьлла, хашадхойн каравахнарг дийна вуьсур ву.
Цуьнан дахар цунна хIонс санна хир ду, ткъа иза
вехар ву“. 3 Везачу Эло кхин а боху: „ХIара гIала,
шеко йоцуш, Бавелан паччахьан кара дIалур ю, цо
иза схьа а йоккхур ю“».
4 ТIаккха баьччанаша паччахье элира: «Ярми-ЯхIу
вен везаш ву, хIунда аьлча цо дуьйцучо кху гIалахь
бисинчу тIемалойн а, иштта гIалин бахархойн а
майралла дIайоккху. Цо вайна лоьрург дика дац,
вон ду».
5 ТIаккха ЦIадукъ-ЯхIу-паччахьо баьччанашна
жоп делира: «Иза шун карахь ву, ткъа со аша
дечунна дуьхьал хIумма а дан йиш йолуш вац».
6 Цара Ярми-ЯхIу, схьа а лаьцна, гIаролхойн
кертахь яьккхинчу паччахьан кIентан Малки-ЯхIун
гIунна чу кхоьссира. Ярми-ЯхIу, машшаш а
дихкина, цу гIунна чу охьавоссийтира. Цу гIунна
чохь, сазз бен, хи дацара. Иштта саззи юкъа
охьавоьссира Ярми-ЯхIу.
7 Паччахьан цIа чохь гIуллакх деш волчу Iабайд-
Малик цIе йолчу цхьана *хушахочунна* хезна Ярми-
ЯхIу гIу чу хаийна хиларх лаьцна. Цу хенахь
паччахь Бен-Яманан кевнехь хиъна Iаш хилла.
8 Паччахьан цIа чуьра ара а ваьлла, Iабайд-Малика,
цунна тIе а вахана, элира: 9 «Сан олахо волу
паччахь! Цу наха динарг вон ду, Ярми-ЯхIу гIунна
чу а кхоьссина. Иза цу чохь мацалла лийр ма ву,
хIунда аьлча кху гIалахь кхин бепиг дац». 10 ТIаккха
паччахьо хушахо волчу Iабайд-Малике омра дина:
«Хьайца кхузара ткъе итт стаг схьа а эций, Ярми-
ЯхIу гIунна чуьра хьалаваккха, иза валале».
11 Iабайд-Малика, шеца нах схьа а эцна, паччахьан
цIийнан чIоь-цIенна кIелахь йолчу чоьнна чуьра
тиша тIелхигаш а, ца оьшуш йолу кIадинан кескаш
а схьа а эцна, уьш Ярми-ЯхIу чохь волчу гIу чу
тIергаш а тесна, чу яхийтира. 12 Хушахо волчу
Iабайд-Малика элира Ярми-ЯхIуга: «ХIара тиша
тIелхигаш а, кIадинан кескаш а хьайн пхьаьрса
кIел а яхкий, царна тIехула муш бахийта». Ярми-
ЯхIус шега де ма-аллара дира. 13 Машшашца хьала
а озийна, цара гIунна чуьра хьалаваьккхира Ярми-
ЯхIу. ТIаккха иза гIаролхойн кертахь Iийра.

## ЦIадукъ-ЯхIу Ярми-ЯхIух дагавалар

14 ТIаккха ЦIадукъ-ЯхIус шена тIекхайкхира Ярми-
ЯхIу. Везачу Элан цIийнан кертан кхоалгIа ков
долчу схьавалийра Ярми-ЯхIу. Паччахьо элира: «Ас
хIинца цхьа хIума хоттур ду хьоьга, ткъа ахьа,
хIумма а къайла ца доккхуш, суна жоп дала деза».
15 Ярми-ЯхIус ЦIадукъ-ЯхIуга элира: «Ас хьайна
жоп делча, ахьа со вуьйр ма ву, ткъа ас хьайна
хьехар дича, ахьа иза дIаоьцур дац».
16 Амма ЦIадукъ-ЯхIус къайлаха Ярми-ЯхIуна
чIагIо йира: «Вайна хIара дахар кхоьллина а, дийна
а волчу Везачу Элах чIагIо йо ас: ас вуьйр вац хьо,
иштта хьо вен гIерташ болчу нехан кара дIа а лур
вац аса».
17 ТIаккха Ярми-ЯхIус элира ЦIадукъ-ЯхIуга:
«Исраилан халкъан Дела волчу массо а ницкъийн
Везачу Дала иштта боху: „Нагахь хьо Бавел-мехкан
паччахьан хьаькамашна караводахь, хьан са
дийна хир ду, хIара гIала а цIарца ца ягош юьсур ю.
Хьо а, хьан доьзал а кхоийна хир бу. 18 Амма хьо
Бавел-мехкан паччахьан хьаькамашна кара ца
водахь, хIара гIала церан кара дIа а лур ю, цара
хIара цIарца ягор а ю, ткъа хьо царах кIелхьар а
вер вац“».
19 Амма ЦIадукъ-ЯхIу-паччахьо Ярми-ЯхIуга элира:
«ХIинцале а хашадхошкахьа бевллачу яхIудхойн
кара со дIаваларх а, цара со сийсазваккхарх а
кхоьру со».
20 ТIаккха Ярми-ЯхIус элира: «Хашадхойн
тIемалоша хьо шайгахьа бевллачу яхIудхошка
дIалур вац. Везачу Эло соьгахула хьайна
бохучуьнга ладогIахьара ахьа! Ахьа иза дахь,
дерриг а дика хир ду хьоьца, хьо а дийна вуьсур ву.
21 Нагахь ахьа хьо церан кара ца водахь, хир ду
аьлла Везачу Эло суна дIадиллинарг хIара ду:
22 ЯхIудхойн паччахьан цIа чохь бисина болу
зударий хашадхойн хьаькамаш болчу дIабуьгур бу.
Оцу зударша, хьох бела а буьйлуш, эр ду:
„Хьан тешамечара хьо ле ма вина,
хьан доттагIаша хьо къера ма хилийтина.
Хьан когаш саззи юкъа ма бахана,
хьан доттагIий хьуна гена ма бевлла“.
23 Берриш а хьан зударий а, бераш а, дIа а бигина,
хашадхошна дIалур бу. Хьо а вер вац церан карара:
хашадхойн паччахьо хьо схьалоцур ву, ткъа хIара
гIала цIарца ягор ю».
24 ТIаккха ЦIадукъ-ЯхIус элира Ярми-ЯхIуга: «ХIара
дешнаш цхьана стагана а ма хаийта, хьо ца
валийтархьама. 25 Сан баьччанашна дIахаа мега ас
хьоьца къамел дина хилар. Цара, схьа а баьхкина,
хьоьга хатта тарло: „Бакъдерг схьадийца, хIун
элира ахьа паччахье а, паччахьо хьоьга хIун элира
а? Тхох къайла ма даккхалахь шаьшшиннан хилла
къамел, тIаккха оха хьо вуьйр вац“. 26 Нагахь иштта
хилахь, ахьа цаьрга ала: „Со паччахье дехар деш
вара, ЯхIунатин цIийнан набахти чохь валийта, со
цига ма вахийта бохуш“». 27 Массо а баьччанаш
Ярми-ЯхIу волчу баьхкира, цара цуьнга хеттарш
дира. Шега паччахьо ма-бохху, жоп делира царна
Ярми-ЯхIус. ХIумма а ца олуш, уьш дIабахара,
паччахьца аса дина къамел цхьанна а ца хезна

дела. [28] †Ярми-ЯхIу гIаролхой болчу кертахь Iийра, Ярушалайм дIалоцу де тIекхаччалц.

### Ярушалайм йожар

Ярушалайм дIалацар иштта дара.

**39** ЯхIудхойн паччахь волу ЦIадукъ-ЯхIу паччахьаллехь волу уьссалгIачу шеран уьтталгIачу баттахь Бавелан паччахь Набухди-Нецар, дерриг а шен эскар а далош, Ярушалаймана го а бина, дIахIоьттира. [2] Ткъа ЦIадукъ-ЯхIу паччахьаллехь волчу цхьайтталгIачу шеран боьалгIачу беттан уьссалгIачу дийнахь гIалин пенех мостагIаша Iуьрг даьккхира. [3] Бавелан массо а мехкан баьччанаш, гIалина чу а баьхкина, Юккъерачу кевнна хьалха охьахевшира. Царна юкъахь Самгар-кIоштан куьйгалхо Нургал-Шар-Эцар а, тIеман коьрта хьаькам Сар-Сахим а, кхечу тайпана тIеман хьаькам Нургал-Шар-Эцар а, иштта массо а кхиболу Бавелан паччахьан баьччанаш а бара.

[4] ЯхIудхойн паччахь а, цуьнца болу тIемалой а, уьш шайна гича, буьйсанна гIалара ара а бевлла, бевдда дIабахара. Уьш, паччахьан бешахула, шина пенна юккъехь долчу кевнах чекх а бевлла, Iариба-тогIи †† йолчу дIабахара. [5] Амма хашадхойн эскар царна тIаьхьаделира. Уьш ЦIадукъ-ЯхIуна тIаьхьакхиира Ерихонан аренашкахь. Иза, схьа а лаьцна, Бавелан паччахь волчу Набухди-Нецарна тIевигира. Набухди-Нецар цу хенахь Хьамат-гIалин махкахь йолчу Рабила-гIалахь вара. Цигахь цо ЦIадукъ-ЯхIуна кхел йира. [6] Циггахь, Рабила-гIалахь, Бавелан паччахьо а ЦIадукъ-ЯхIуна хьалха цуьнан кIентий байира. Иштта ЯхIуд-махкара баьччанаш а байира цо. [7] Ткъа ЦIадукъ-ЯхIу, бIаьргаш а баьхна, буржалш а тоьхна, Бавеле дIавига кечвира. [8] Хашадхоша паччахьан цIа а, иштта Ярушалаймехь долу цIенош а дагийра, гIалин гонахара пенаш а охьаэгийра. [9] ГIалахь бухадисина долу халкъ а, шегахьа бевлларш а паччахьан гIаролхойн хьаькам волчу Набузар-Адана Бавеле дIабигира. [10] Шайн долахь цхьа а хIума а доцуш болчу къечу нахах цхьаберш гIаролхойн хьаькам волчу Набузар-Адана ЯхIуд-махкахь битира, царна кхаш а, кемсийн бошмаш а дIа а елла.

### Ярми-ЯхIу арахецар

[11] Ткъа Ярми-ЯхIух лаьцна Бавелан паччахь волчу Набухди-Нецара шен гIаролхойн хьаькам волчу Набузар-Аданехула тIедиллинера: [12] «Иза схьа а лахий, цуьнан дола де. Цунна цхьа а тайпа вон а ма де, амма цо мел аьлларг де», – аьлла. [13] ГIаролхойн хьаькам волчу Набузар-Адана а, тIеман коьрта хьаькам волчу Набуш-Забана а, тIеман хьаькам волчу Нургал-Шар-Эцара а, иштта кхиболчу хашадхойн тIеман хьаькамаша а Ярми-ЯхIу лаха нах бахийтира. [14] Оцу наха Ярми-ЯхIу, гIаролхойн кертара схьа а эцна, Шапанин кIентан Ахьикхаман кIант волчу Гадал-ЯхIун кара дIавелира, цуьнга иза шен цIа дIавигийтархьама. Ярми-ЯхIу шен халкъана юкъахь ваха висира.

### Iабайд-Маликана сатийсам хилар

[15] Ярми-ЯхIу гIаролхойн кертахь чувоьллина волчу хенахь, цуьнга Везачу Элера хаам кхаьчнера: [16] «Ярми-ЯхIу, ваха а гIой, *хушахо* волчу Iабайд-Малике хIара дешнаш дIаала: „Иштта боху Исраилан Дела волчу массо а ницкъийн Везачу Эло: ‘ХIокху гIалина, диканиг а ца деш, бохам бийр бу аьлла долу Сайн дешнаш кхочушдан хIоьттира Со. Иштта хилча, хьан бIаьргашна хьалха иза кхочушхир ду. [17] Амма хьо Аса кIелхьарвоккхур ву, – боху Везачу Эло. – Хьо кхоьручу нехан кара дIалур вац хьо. [18] Ас хьо кIелхьарвоккхур ву, хьо туьрах лийр вац, хьан дахар хIонс санна хир ду хьуна, хIунда аьлча хьо сох тешна дела’, – боху Везачу Эло“».

### Ярми-ЯхIу Гадал-ЯхIу волчохь сацар

**40** Рама-гIалахь Бавелан паччахьан гIаролхойн хьаькам волчу Набузар-Адана иза дIалаьцначуьра мукъаваьккхинчул тIаьхьа, Ярми-ЯхIуга Везачу Элера хаам кхечира. Набузар-Аданна иза, буржалш а тоьхна, Бавеле дIабига новкъабаьхна Ярушалаймера а, ЯхIуд-махкара а болчу йийсархошна юкъахь карийнера.

[2] ГIаролхойн хьаькамо, Ярми-ЯхIу царна юкъара схьа а ваькккхина, цуьнга элира: «Хьан Везачу Дала хIокху меттигна хIара бохам бийр бу аьлла. [3] Ткъа хIинца Ша аьлларг Везачу Эло кхочушдина. И дерриг а хилла, аша Цунна хьалха къинош летийна дела а, аша Цо бохучуьнга ла ца доьгIна дела а. [4] Аса тахана хьан куьйгех тоьхначу хIокху буржалех мукъавоккху хьо. Хьайна соьца Бавеле дIаван лаахь, дIавола, аса Iуналла дийр ду хьуна тIехь. Нагахь хьайна цига дIаван ца лаахь, кхузахь саца мегар ду хьуна. ХIара дерриг а латта хьуна хьалха Iуьллуш ду, хьайна луъучу метте дIаваха пурба ду хьуна».

[5] Ярми-ЯхIу новкъа валале, Набузар-Адана кхин а элира: «Я хьайна лаахь, Шапанин кIентан Ахьикхаман кIант Гадал-ЯхIу волчу гIо, Бавелан паччахьо массо а ЯхIуд-махкарчу гIаланашна тIехь хьаькам хIоттийна волчу. Хьайн халкъана юкъахь цуьнца саца мегар ду хьуна. Я хьайна луъучу метте дIагIо». Ярми-ЯхIуна яа хIума а, совгIаташ а дIа а делла, Набузар-Адана иза аравалийтира. [6] Ярми-ЯхIу МицIпа-гIалахь сецначу Ахьикхаман кIант Гадал-ЯхIу волчу вахара. Шайн махкахь дисинчу шен халкъана юкъахь сецира иза.

---

† *38:28 Яхьазкхиал 33:21.* †† *Iариба-тогIи *– иза Йордан-хин тогIи ю.**

### ЯхIуд-мехкан куьйгалхо волу Гадал-ЯхIу
(ТIаьххьарнаш 25:22-24)

7 †ЯхIудхойн эскаран хьаькамашна а, иштта кху
махкахь бисина болчу тIемалошна а, кхечу нахана
а дIахезира, Бавелан паччахьо Ахьикхаман кIант
Гадал-ЯхIу мехкан куьйгалхо хIоттийна аьлла.
Бавеле дIа ца буьгуш бисина болчу мехкан уггар
къечу божаршна а, зударшна а, берашна а тIехь цо
Iуналла дан деза бохуш, хезира царна. 8 Уьш
берриш а Гадал-ЯхIу волчу МицIпа-гIала баьхкира.
Царна юкъахь Натан-ЯхIун кIант ИсмаьIал а,
Къаьрхьин кIентий Йохьан а, ЯхIуната а,
Танхьуматан кIант Сари-ЯхIу а, НатIупатарчу
Iейпин кIентий а, маIхахочун кIант Яъзан-ЯхIу а,
иштта царна уллора берш а бара. 9 Шапанин
кIентан Ахьикхаман кIант Гадал-ЯхIу царна хьалха
чIагIонаш еш вара: «Ма кхера хашадхошна
гIуллакх дан. ХIокху махкахь даха охьа а ховша,
Бавелан паччахьна муьтIахь а хила, тIаккха шуна
дика хир ду. 10 Ткъа со МицIпа-гIалахь соцур ву,
кхуза схьаоьхуш болчу хашадхошна хьалха шух
лаьцна жоп а луш. Ткъа аша аьхкенан стоьмаш
схьалахьабе, чагIар а, даьтта а даккха, и массо а
кхача кхабанаш чохь латта а бе, шаьш дIалаьцначу
гIаланашкахь а Iе». 11 Массо а Муаби-махкахь а,
Iаммин-махкахь а, Эдом-махкахь а, иштта кхечу
мехкашкарчу яхIудхошна дIахезира Бавеларчу
паччахьо цхьаболу нах ЯхIуд-махкахь битина
аьлла, царна тIехь куьйгалла дан Шапанин кIентан
Ахьикхаман кIант Гадал-ЯхIу а хIоттош. 12 Шаьш
бевдда дIабаханчу массо а меттигашкара яхIудхой
Гадал-ЯхIу волчу МицIпа-гIала схьагулбелира.
Шаьш юхадирзинчул тIаьхьа цара дуккха чагIар а,
аьхкенан стоьмаш а гулдира.

### Гадал-ЯхIу вер
(ТIаьххьарнаш 25:25, 26)

13 Цу хенахь Къаьрхьин кIант Йохьан а, иштта
аренгахь лелаш болу кхиболу тIемалойн
хьаькамаш а Гадал-ЯхIу волчу МицIпа-гIала
баьхкира. 14 Цара элира Гадал-ЯхIуга: «Хьуна хууш
дуй, Iамминхойн паччахь БаIалси хьо вен гIерташ
вуйла? Цо Натан-ЯхIун кIант ИсмаьIал хьо вен
ваийтина». Амма Ахьикхаман кIант Гадал-ЯхIу
царах ца тийшира. 15 ТIаккха Къаьрхьин кIанта
Йохьана къайлаха цуьнга элира: «Суна пурба лохьа
Натан-ЯхIун кIант ИсмаьIал вен. Цунах лаьцна
цхьанна а хуур дац. Цуьнга хьо хIунда воьйтур ву
оха? Цо иза дахь, хьуна гонах схьагулбелла болу
массо а яхIудхой маьI-маьIIехь дIасаборжуьйтур
бара, ткъа ЯхIуд-махкахь бисинчу нахана бохам
бийр бара».
16 Амма Ахьикхаман кIанта Гадал-ЯхIус Къаьрхьин
кIанте Йохьане элира: «Ма делахь иза, хIунда
аьлча ахьа ИсмаьIалах аьлларг бакъ дац».

41 ††ВорхIалгIачу баттахь Эли-ШамаIан кIентан
Натан-ЯхIун кIант ИсмаьIал Ахьикхаман кIант
Гадал-ЯхIу волчу веара. Иза МицIпа-гIала веара,
шеца кхин итт стаг а волуш. ИсмаьIал паччахьан
цIийнах вара, иза иштта паччахьан эскаран
хьаькамех цхьаъ вара. Гадал-ЯхIуца цхьаьна иза а,
цуьнца берш а хIума юуш Iийра. 2 Натан-ЯхIун
кIанта ИсмаьIала а, цуьнца хиллачу итт стага а,
хьала а гIевттина, тарраш а тоьхна, вийра
Шапанин кIентан Ахьикхаман кIант Гадал-ЯхIу. Цу
тайпана Бавелан паччахьо мехкан куьйгалхо вина
дIахIоттийнарг вийнера. 3 ИсмаьIала иштта Гадал-
ЯхIуца МицIпа-гIалахь хилла болу массо а яхIудхой
а, цигахь хилла болу хашадхойн тIемалой а
байира.
4 Гадал-ЯхIу вийначу шолгIачу дийнахь, и хIума
цхьанна а хаале, 5 МицIпа-гIала Шехемара а,
Шилунера а, Шамранера а везткъа стаг веара, кIен
сагIанаш а, хаза хьожа йогIу хIуманаш а яхьаш,
Везачу Элан цIа долчохь сагIа даккхархьама. Цара
массара а шайн мажош дIаяьшнера, шайна тIера
хIуманаш а этIийнера, шайна чевнаш а йинера.
6 Натан-ЯхIун кIант ИсмаьIал, МицIпа-гIалара ара а
ваьлла, велха а воьлхуш, царна дуьхьал веара. Цо
элира: «Ахьикхаман кIант Гадал-ЯхIу волчу гIо».
7 ГIалин юккъе кхаьчча, ИсмаьIала а, цуьнца
болчара а уьш, байа а байина, гIунна чу кхиссира.
8 Амма цу нахана юкъахь хиллачу иттаммо элира
ИсмаьIале: «Ма дайахьа тхо, хIунда аьлча тхан
къайлаха дIалачкъийна кIа а, мукх а, зайтдаьтта а,
моз а ду. Уьш оха кха тIехь къайладаьхна ду». Кхечу
нахаца цхьаьна уьш байаран метта ИсмаьIала уьш
дийна битира. 9 Цо Гадал-ЯхIу бахьана долуш
байина нах чукхиссина йолу гIу Аса цIе йолчу
паччахьо яьkkxина хилла, исраилхойн паччахь
волчу БаIшах ша ларвайтархьама. Натан-ЯхIун
кIанта ИсмаьIала и гIу ша байинчу нехан декъех
хьалаюьзна. 10 ИсмаьIала дерриг а МицIпа-гIалахь
дисина долу халкъ дIалецира. Царна юкъахь
паччахьан йоIарий а, иштта МицIпа-гIалахь
дисина кхин халкъ а дара. Уьш гIаролхойн хьаькам
волчу Набузар-Адана Ахьикхаман кIантана Гадал-
ЯхIуна, дола де аьлла, дIабелла бара. Йохьанан
кIант ИсмаьIал, уьш дIа а лаьцна, Iамминхой болчу
ваха новкъа велира.
11 Амма Къаьрхьин кIантана Йохьанна а, массо а
цуьнца болчу тIеман хьаькамашна а Натан-ЯхIун
кIанта ИсмаьIала динчу дерриг а зуламех лаьцна
дIахезира. 12 ТIаккха уьш, шайца кхин а нах схьа а
эцна, Натан-ЯхIун кIантаца ИсмаьIалца лата
бахара. Уьш цунна ГавIонехь болу боккха Iам
болчохь тIаьхьакхиира. 13 Йохьан а, цуьнца болу
тIеман хьаькамаш а шайна гича, ИсмаьIал волчохь
йийсарехь долчу халкъан чIогIа самукъаделира.
14 ИсмаьIала МицIпа-гIалахь йийсаре дигна долу
дерриг а халкъ, юха а дирзина, Къаьрхьин кIант
Йохьан волчу дIадахара. 15 Натан-ЯхIун кIант

† *40:7-9 ТIаьххьарнаш 25:22-24.*

†† *41:1-3 ТIаьххьарнаш 25:25.*

ИсмаьIал, шеца бархI стаг а волуш, Йохьанах
ведда, Iамминхой болчу дIавахара.
16 ТIаккха Йохьана а, цуьнца болчу тIеман
хьаькамаша а МицIпа-гIалара дийна мел
бисинарш дIабигира. Цара уьш ИсмаьIалан
куьйгах кIелхьарбехира, шаьш Гадал-ЯхIу вийначул
тIаьхьа. Цара дIабигира ГавIон-гIалара шайца схьа
мел баьхкина болу нах: божарий а, тIемалой а,
зударий а, бераш а, паччахьан кертара нах а.
17 Уьш Байтлахам-гIалина уллохь йолчу Гейрут-
КIамхIам йолчохь севцира, цигара Мисар-махка
дIабаха дагахь, 18 хашадхой бахьана долуш. Уьш
кхоьрура хашадхойх, хIунда аьлча Бавелан
паччахьо ЯхIуд-махкана тIехь куьйгалхо хIоттийна
волу Гадал-ЯхIу вийнера ИсмаьIала.

### Халкъо Ярми-ЯхIуга, шайна тIера доIа де аьлла, дина дехар

42 Уьш КIамхIамехь севцначу хенахь,
Къаьрхьин кIант Йохьан а, цуьнца ХIушаI-
ЯхIун кIант Язан-ЯхIу † а, иштта кIезиг болчу нахана
тIера дуьйна, цIеяхана болчарна тIекхаччалц долу
дерриг а халкъ а Ярми-ЯхIу-пайхамар волчу
дахара. 2 Цара цуьнга элира: «Тхан дехаршка
ладогIахьа, Ярми-ЯхIу. Дийна дисначу тхуна тIера
доIа дехьа хьайн Везачу Деле. Хьуна гуш ду-кх,
Ярми-ЯхIу, дуккха а хилла долу тхо кIеззиг бен ца
дисар. 3 ДоIа дехьа, хьан Везачу Деле тхо даха деза
некъ а гайтахьара, оха хIун дан деза а дийцахьара
алий».
4 ТIаккха Ярми-ЯхIу-пайхамаро царна жоп делира:
«Аша бохуш дерг со хезаш ву, аса шун Везачу Деле
доIа а дийр ду, аша соьга ма-деххара. Везачу Элера
сайна хезнарг, цхьа а хIума къайла а ца доккхуш,
шуьга дIа а дуьйцур ду».
5 Цара Ярми-ЯхIуга элира: «Веза Эла бакъволу а,
тешаме а теш тхуна дуьхьал хуьлийла, хьан Везачу
Дала тхан дуьхьа хьуна луш долчу массо а
дешнашка хьаьжжина тхо ца лелахь. 6 И хаам дика
хилахь а, вон хилахь а, оха хьо вохуьйтучу тхан
Везачу Дала бохучуьнга ладугIурш хир ду тхо. Тхан
Везачу Деле тхо ладугIуш делахь, тхуна диканиг
хир ма ду».

### Ярми-ЯхIус динчу доIанна жоп далар

7 Итт де даьлча, Ярми-ЯхIуга Везачу Элера хаам
кхечира. 8 Цо Къаьрхьин кIант Йохьан а, цуьнца
болу тIеман хьаькамаш а, иштта кIезиг болчу
нахана тIера дуьйна, цIеяхана болчарна
тIекхаччалц долу дерриг а халкъ а ша волчу
дIаккхайкхира. 9 Ярми-ЯхIус цаьрга элира: «Шайн
дехар дIадала аша со тIевахийтинчу Исраилан
халкъан Везачу Дала боху: 10 „Нагахь санна шу
хIокху лаьтта тIехь совцахь, Аса шу юхаметта а
хIоттор ду, дохор а дац. Аса шу дIа а дугIур ду,
орамашца схьа а дохур дац, хIунда аьлча Со хIинца
дохковаьлла Ас шуна баькхина бохам бахьана
долуш. 11 Ма кхера шаьш кхоьруш волчу Бавелан
паччахьах. Шу цунах ма кхера, – боху Везачу Эло, –
хIунда аьлча Со шуьца ву, Ас шу кIелхьардохур а ду.
12 Аса шух къинхетам бийр бу, Бавелан паччахь
шуьца къинхетаме а хуьлуьйтуш. Цо шуна шайн
махка юхадерза могуьйтур ду“.
13 Шайн Везачу Дала бохучуьнга ла а ца дугIуш,
аша иштта ала тарло: „Тхо дуьсур дац ЯхIуд-
махкахь. 14 Тхо Мисар-махка дIа а гIур ду, цигахь
Iийр а ду, цу меттехь тхох тIом а хьакхалур бац,
тIаме кхойкхуш долу коьман маIан аз тхуна хезар а
дац, цигахь тхуна мацалла а гур яц“. 15 Нагахь аша
иштта алахь, ЯхIуд-махкахь дийна бисинарш,
тIаккха аша Везачу Элера болчу хааме ладогIа деза.
ЛадогIа шайга Исраилан халкъан Дела волчу массо
а ницкъийн Везачу Эло бохучуьнга: „Нагахь санна
аша Мисар-махка дIадаха а, цигахь Iан а баккъал
сацам бинехь, 16 шу кхоьруш долу тур цигахь шуна
тIаьхьакхуьур ду, шу къаьхкаш йолу мацалла
цигахь, Мисар-махкахь, шуна тIекхочур ю, ткъа
цигахь шу лийр а ду. 17 ХIора Мисар-махка ваха
сацам бинарг, цигахь а я тур, я мацалла, я Iожаллин
ун бахьана долуш лийр ву. Царах цхьа а дийна
вуьсур вац. Аса царна бан леринчу бохамах цхьа а
кIелхьарвер вац“.
18 Иштта боху Исраилан халкъан Дела волчу
массо а ницкъийн Везачу Эло: „Сайн оьгIазалла а,
делла а Ярушалаймерчу бахархошна тIе ерзийна
хиларе терра, Сайн дералла Аса шуна тIе охьаIанор
ю, шу Мисар-махка дIадахча. Наха шун цIе
яккхарца неIалт а эр ду, шуна динчунна нах инзар а
бевр бу, шух кхаьрдар а бу, нахана шу дола а хетар
ду. Кхин цкъа а хIара меттиг а гур яц шуна“.
19 Ва ЯхIуд-махкахь дийна биснарш, Везачу Эло
шуьга элира: „Мисар-махка ма гIолаш“. Цундела ас
шуьга чIогIа дIахьедар до, 20 шу шайгара гIалат
далийта дохку, ткъа цу гIалато шу Iожалле далор ду.
Аша со шун Веза Дела волчу вахийтира, соьга
иштта олуш: „Тхуна тIера вайн Везачу Эле доьхуш
доIа дехьа. Цо мел аьлларг тхоьга дIаалахьа, ткъа
оха иза кхочушдийр ду“. 21 Тахана аса шуьга Везачу
Элера болу хаам дIакхачийра, амма шуна ца лаьа,
Цо соьгахула шайга аьлларг а деш, Цуьнга ладогIа.
22 ХIинца хаа ду шуна: шаьш даха дIадаха шуна
охьаховша лууш йолчу меттехь туьро а, мацалло а,
Iожаллин уьно а хIаллакдийр ду шу».

### Ярми-ЯхIу Мисар-махка дIавигар

43 Ярми-ЯхIус церан Везачу Дала шега дIаала
мел аьлларг дерриг а халкъе дIаэлира.
2 ТIаккха ХIушаI-ЯхIун кIанта Iазар-ЯхIус а,
Къаьрхьин кIанта Йохьана а, иштта цигахь болчу
массо а кIоршамечу наха а Ярми-ЯхIуга элира:
«Ахьа бохург бакъ дац. Тхан Везачу Дала ца
ваийтина хьо тхоьга: „Шу Мисар-махка даха дIа ма
гIо“ – ала. 3 Нери-ЯхIун кIанта Баруха хьо тхуна

† *Язан-ЯхIу *– цуьнан «Iазар-ЯхIу» боху кхин а цIе йолуш яра (дешахьа 43:2).**

дуьхьалвала иракара ма хIоттийна, тхо, хашадхойн
кара дIа а делла, цаьрга дайъийтархьама а, я
Бавел-махка йийсаре дIадигийтархьама а». 4 Иштта
Къаьрхьин кIанта Йохьана а, тIеман хьаькамаша а,
дерриг а халкъо а, ЯхIуд-махкахь саца аьлла,
Везачу Эло шайга аьллачуьнга ла ца дуьйгIира.
5 †Къаьрхьин кIанта Йохьана а, тIеман массо а
хьаькамаша а, шаьш дIасалаьхкина долчу массо а
къаьмнашкара ЯхIуд-махкахь дахархьама
юхадирзина долу дерриг а дийна дисина долу адам
схьа а гулдина, Мисар-махка дIадигира.
6 ГIаролхойн хьаькам волчу Набузар-Адана
Шапанин кIентан Ахьикхаман кIантехь Гадал-
ЯхIугахь шайн дола дан дитина болу массо а
божарий а, зударий а, бераш а, паччахьан
зудабераш а, иштта Ярми-ЯхIу-пайхамар а, Нери-
ЯхIун кIант Барух а шайца дIабигира. 7 Цу наха
Везачу Элера болчу хааме ла ца дуьйгIира, уьш
Мисар-махкахь йолчу Тахьпанхьас-гIала дIабахара.
8 Тахьпанхьас-гIалахь Ярми-ЯхIуга хIара хаам
кхечира Везачу Элера: 9 «Масех боккха тIулг а
лахий, Тахьпанхьас-гIаларчу пирIунан цIенна чу
воьдучу меттигна хьалха йолчу майданан поппар
буха дIадохка уьш, берриг а яхIудхочунна гуччохь.
10 Ахьа и хIума деш гуш болчу яхIудхошка ала:
„Исраилан халкъан Дела волчу массо а ницкъийн
Везачу Эло хIара боху: ‘Ас Сан лай волчу Бавелан
паччахье Набухди-Нецаре кхуза схьакхайкха
бохуьйтур бу. Ас цуьнан паччахьан гIант кхузахь
Айса дIадоьхкина долчу тIулгаш тIехь дIахIоттор ду.
Цу тIулгаш тIехь Набухди-Нецара шен паччахьан
четар дIахIоттор ду. 11 Иза, кхуза схьа а веана,
Мисар-махкана тIелетар ву. Iожаллина леринарг
Iожаллина гIур ву, йийсаре вигийта леринарг
йийсаре гIур ву, ткъа туьро вен леринарг туьра
кIел гIур ву. 12 Набухди-Нецара мисархойн
деланийн цIеношкахь цIе латор ю, цигара цIуш я
багор бу, я йийсаре дIабуьгур бу. ЖаIуьно шен
бедар мезех цIан ма-ярра, Мисар-мохк цIанбийр бу
цо, цул тIаьхьа маьрша цигара ара а вер ву.
13 Набухди-Нецара Ана-гIалахь долчу
харцделанашна хIиттийна тIулгаш дохор ду, ткъа
мисархойн харцделанийн цIенош цIарца дагор
ду’“».

### Мисар-махкахь бехаш болчу яхIудхойх лаьцна долу Везачу Элан дош

44 Мисар-махкахь Iаш болчу яхIудхошка дIаала
беза хаам кхечира Ярми-ЯхIуга Везачу Элера.
Уьш Мигдол-гIалахь а, Тахьпанхьас-гIалахь а, Нуп-
гIалахь а, мехкан къилберачу декъахь а баха
хевшинера. ХIара бу и хаам: 2 «Исраилан Дела
волчу массо а ницкъийн Везачу Эло иштта боху:
„Шуна гина Ас Ярушалаймана а, иштта массо а
ЯхIуд-махкарчу гIаланашна а бина болу бохамаш.
Уьш хIинца яссаелла, цигахь вехаш цхьа а стаг а
вац, 3 цигахь дехаш хиллачу адамаша дина долу
вонаш бахьана долуш. Я царна а, я шуна а, я шун
дайшна а хьалхха бевзаш ца хиллачу кхечу
деланашна сагIанаш а дохуш, царна Iамал а еш, Со
оьгIазвахийтира цара. 4 Мосуьйттазза шу долчу
Сайн ялхой болу пайхамарш бохкуьйтура, Сайн
цIарах дIаала: ‘Ма леладе Суна ца дезаш долу и
дегаза хIума’. 5 Амма цара пайхамаршка ла а ца
дугIура, уьш тергал а ца бора. Шаьш лелош долчух
уьш дIа ца бирзира – кхечу деланашна сагIанаш
дечуьра ца совцура уьш. 6 Цундела Сан дералла а,
оьгIазалла а охьаIанайира, ЯхIуд-махкара гIаланаш
а, Ярушалайман урамаш а дагош. Иштта уьш
дохийна дIадехира, ткъа уьш хIинца а дассаделла
лаьтташ ду“.
7 Исраилан халкъан Дела волчу массо а ницкъийн
Везачу Эло хIинца а боху: „Шаьш Iожалле далош
долу доккха воних хIунда леладо аша? Аша дийриг
бахьана долуш ЯхIудан къомера божарий а,
зударий а, даккхий а, кегий а бераш а хIаллакдо,
шайн къоман тIаьхье а ца юьтуш. 8 Шайн
куьйгашца бинчу цIушна Iамал а еш, шаьш цигахь
Iан дIадаханчу Мисар-махкахь кхечу деланашна
сагIанаш а дохуш, Со оьгIаз хIунда вохуьйту аша?
Шу шаьш хIаллакдеш ма ду, дуьненан массо а
къаьмнашна хьалха наха шун цIе яккхарца неIалт
эр ду, царна шу дола хетар ду. 9 Шуна дицделла те
шайн дайша а, яхIудхойн паччахьаша а, церан
зударша а лелийна долу зуламаш, аша шаьш а,
шун зударша а ЯхIуд-махкахь а, Ярушалайман
урамашкахь а лелийна долу вон хIуманаш?
10 Таханлерчу денна тIекхаччалц шу, шаьш кIезиг а
хеташ, Суна хьалха ларамах дуьзна дац, шуна а,
шун дайшна а Аса беллачу Сан товрат-хьехамца а,
Сан парзашца а ца лелара шу“.
11 Цундела Исраилан халкъан Дела волчу массо а
ницкъийн Везачу Эло боху: „Аса сацам бина, шуна
тIе воних даийта. Кхузахь болу массо а яхIудхой
хIаллакбийр бу Аса. 12 Мисар-махка кхалха а, цигахь
Iан а сацам бина ЯхIуд-махкахь дийна биснарш Аса
дIабохур бу. Уьш массо а Мисар-махкахь
дIакхелхар бу! КIезиг болчу нахана тIера дуьйна,
цIеяхана болчарна тIекхаччалц уьш туьраца а,
мацаллица а хIаллакьхир бу. Наха церан цIе
яккхарца неIалт эр ду, царна динчунна нах Iадийна
хир бу, царах кхаьрдар бу, нахана уьш дола а хетар
бу. 13 Аса Ярушалаймана таIзар ма-дарра, туьраца,
мацаллица, Iожаллин уьнца таIзар дийр ду шух
болчу Мисар-махкахь бехаш болчарна. 14 Мисар-
махкахь Iан цига дIабаханчу яхIудхойх дийна
бисинчарах цхьа а кIелхьарвер а вац я дийна а
вуьсур вац, ЯхIуд-махка юхаверзархьама. Шайн
махка юхадерза шаьш сатуьйсуш делахь а,
Iожаллех кIелхьарваьлла масех стаг воцург цхьа а
цIа воьрзур вац“».
15 ТIаккха шайн зударша кхечу деланашна
сагIанаш дохуш хилар хууш болу массо а божарий
а, цигахь лаьтташ болчу зударшца цхьаьна Ярми-
ЯхIуга бистхилира. Цигахь йоккха адамийн тоба

† *43:5-7 ТIаьххьарнаш 25:26.*

яра. Царна юкъахь бара къилбаседехьара а,
къилбехьара а Мисар-махкахь бехаш болу
яхIудхой. Цара Ярми-ЯхIуна жоп делира: [16] «Оха
ладугIур дац ахьа Везачу Элан цIарах тхуна беанчу
хааме. [17] Тхаьш аьлларг оха билггал кхочушдийр
ду: оха цIеран а, чагIаран а сагIанаш а дохур ду
стигаларчу зуда-паччахьна, ЯхIуд-мехкан
гIаланашкахь а, Ярушалайман урамашкахь а тхо а,
тхан дай а, тхан куьйгалхой а, тхан паччахьаш а,
тхан баьччанаш а ма-леллара лелар а ду. Оцу
хенахь тхан даа хIума а хуьлура, тхан аьтто а
хуьлура, тхуна тIе вонаш а ца догIура. [18] Амма тхо
стигаларчу зуда-паччахьна цIеран а, чагIаран а
сагIанаш дохучуьра севцича, тхан хIумма а дацара,
ткъа тхо туьро а, мацалло а хIаллакдеш дара».
[19] Цул тIаьхьа зударий бистхилира. Цара элира
Ярми-ЯхIуга: «Стигаларчу зуда-паччахьна оха
цIеран а, чагIаран а сагIанаш дохучу хенахь тхан
майранашна иза хууш ца хилла те? Цуьнан
сибатехь оха хьоккхамаш а доттуш, цунна чагIаран
сагIанаш а дохуш, цара тхуна пурба ма лора!»
[20] ТIаккха Ярми-ЯхIус шена иштта жоп деллачу
дерриг халкъе а – божаршка а, зударшка а – элира:
[21] «Везачу Элана диц ца делла аша а, шун дайша а,
паччахьаша а, шун баьччанаша а, мехкан халкъо а
ЯхIуд-мехкан гIаланашкахь а, Ярушалайман
урамашкахь а кхечу деланашна сагIанаш дохуш
хилар. Цуьнан дагахь иза лаьтташ ма ду. [22] Везачу
Эле кхин са ца тохаделира аша лелочу зуламечу а,
дегазчу а гIуллакхашна. Цундела шун латта тахана
дохийна а, дассаделла а, тIехь Iаш адам а доцуш,
лаьтташ ду, ткъа наха цуьнан цIе яккхарца неIалт
олу. [23] Кхечу деланашна аша сагIанаш дахар а,
Везачу Элана дуьхьал къинош летор а, Цо беллачу
товрат-хьехамца а, парзашца а, сацамашца а шу ца
лелар а бахьана долуш тахана гуш болу и бохам
шуна тIебаийтина бу».
[24] Цул тIаьхьа Ярми-ЯхIус, леррина зударшка вист
а хуьлуш, массо а нахе элира: «Мисар-махкахь Iаш
болу массо а яхIудхой, ладогIа Везачу Элан даше!
[25] Иштта боху Исраилан халкъан Дела волчу массо
а ницкъийн Везачу Эло: „Аша а, шун зударша а
шаьш шайн багахула схьааьлларг шайн куьйгашца
чIагIдина. Аша боху: ‘Стигаларчу зуда-паччахьна
цIеран а, чагIаран а сагIанаш дийр ду аьлла йолу
чIагIо оха билггал кхочушйийр ю’. Шаьш делла
дош дан ма-дезза кхочушде! Шаьш йина чIагIонаш
билггал ларъе! [26] Амма ладогIалаш Везачу Элера
болчу хааме, Мисар-махкахь мел бехаш болу
яхIудхой: ‘Сайн сийлахьчу цIарах Ас чIагIо йо, –
боху Везачу Эло, – массанхьа а Мисар-махкахь
вехаш волчу цхьана а яхIудхочо кхин цкъа а Сан
цIарах чIагIо йийр яц, ‹Дийна волчу Хьалдолчу
Элах чIагIо йо ас› – бохуш [27] Аса цу нехан тергам
бийр бу, амма царна гIо дархьама бийр бац, уьш
хIаллакбархьама тергал беш хир ву. Мисар-махкахь
бехаш болу яхIудхой я мацалло хIаллакбийр бу, я
туьро бойур бу, царах кхин цхьа а стаг ца виссалц.
[28] КIеззиг нах юхабоьрзур бу Мисар-махкара ЯхIуд-
махка, туьрах кIелхьар а бевлла. ТIаккха Мисар-
махкахь баха схьабаьхкина болчу дийна бисинчу
берриг а яхIудхошна хуур ду, хьенан дешнаш хилла
бакъ – Сан я церан. [29] Кхузахь Аса шуна таIзар а
дийр ду, шуна бохам а боккхур бу аьлла Сан
дешнаш чIогIа дуйла шуна хоуьйтуш, – боху Везачу
Эло, – хIара билгало гойтур ю шуна. [30] †Аса Мисар-
мехкан паччахь волу ХьупраI-пирIун вен гIерташ
болчу цуьнан мостагIийн кара дIалур ву иза, – боху
Везачу Эло, – яхIудхойн паччахь ЦIадукъ-ЯхIу Аса
иза вен лоьхучу цуьнан мостагIа волчу Бавелан
паччахьан Набухди-Нецаран кара дIа-ма-
валлара’“».

### Дала Барухана чIагIо яр

45 ††Юши-ЯхIун кIант волчу а, яхIудхойн
паччахь волчу а ЯхIу-Якхама олалла дечу
доьалгIачу шарахь Ярми-ЯхIу-пайхамаро олу
дешнаш Нери-ЯхIун кIант Барух тептар тIехь
дIаяздеш вара. Оцу хенахь Ярми-ЯхIу Барухе
вистхилира: [2] «ХIара боху хьоьга, Барух, Исраилан
халкъан Везачу Дала: [3] „Ахь боху: ‘Маржа-яI! Везачу
Эло сан деган лазамна тIе гIайгIа тоьхна. Аса дечу
узарша гIелвина со, ткъа суна синтем бац’.
[4] Иштта дIаала цуьнга, Ярми-ЯхIу: ‘Везачу Эло
боху: ‹Айса мел хIоттийнарг а Ас дохор ду, Айса дIа
мел йоьгIнарг а орамашца схьайоккхур ю. Иза Ас
дерриг а махка тIехь дийр ду. [5] Барух, Аса хьайна
даккхий гIуллакхаш дар лууш вуй хьо? Ма лаа иза,
хIунда аьлча Ас массо а адамашна боккха бохам
бийр бу, – боху Везачу Эло. – Амма хьо мичча вахча
а, хьан дахар Аса хьуна, хIонс санна, лур ду›’“».

### Кхечу къаьмнех болу хаамаш

46 Ярми-ЯхIу-пайхамаре кхечу къаьмнех
лаьцна болу Везачу Элера хаамаш хIорш бу.

### Мисархой эшорах лаьцна болу хаам

[2] ‡И хаам Мисаран къомах а, Мисаран паччахь
волчу Наху-пирIунан эскарх а лаьцна бу. Цуьнан
эскар Эпрат-хина йистехь лаьттачу КIаркамиш-
гIалина уллохь эшийнера. Бавелан паччахь волчу
Набухди-Нецара Наху-пирIунан эскар эшийра
яхIудхойн паччахь волу Юши-ЯхIун кIант ЯхIу-
Якхам паччахьаллехь волчу доьалгIачу шарахь.
ХIара бара оцу эскарх лаьцна Везачу Элера болу
хаам:
[3] «Мисаран эскаран хьаькамаш кхойкху:
„Шайн жима а, доккха а турсаш кечдай,
тIом бан арадовла.
[4] Дошлой, шайн говраш тIе нуьйраш а тахкий,
царна тIе а ховший, шайн гIемаш дIатахка.
Иштта гIаьгIнаш тIедуха,

† *44:30 ТIаьххьарнаш 25:1-7.* †† *45:1 ТIаьххьарнаш 24:1; 2 Шерашкахь 36:5-7; Даниал 1:1, 2.* ‡ *46:2-26 ЕшаI-ЯхIу 19:1-25; Яхьазкхиал 29:1–32:32.*

гоьмукъаш а ирде“.
5 Уьш, кхера а белла, юхабевлла хIунда го Суна?
Царах доьналла дерш а ма эшна,
юхахьовса а ца кхуьуш,
бевдда боьлхуш ма бу уьш.
Массо а агIор къемат ма ду царна тIегIерташ, –
боху Везачу Эло. –
6 Сиха водуш верг а ведда, кIелхьарвалалур вац,
ницкъ болуш верг а баланех хьалхавалалур вац.
Къилбаседехьа йолчу меттехь, Эпрат-хина уллохь,
ког а тасабелла, уьш охьаоьгур бу.
7 Нил-хи санна, хьаладолуш дерг мила ду?
Цуьнан хиш санна, тIехдуьйлуш дерг мила ду?
8 Мисаран къам ду, Нил-хи санна хьаладолуш а,
хин гаьннаш санна тIехдолуш а.
Цо боху: „Аса дерриг а латта дIахьулдийр ду,
цу тIера ерриг а гIаланаш а, царна чуьра бахархой а хIаллакбийр бу“.
9 Дошлой, говраш тIе ховша!
ГIудалкхаш чехка хахкийта!
ТIемалой тIамана арабаха!
Шайн турсашца болу хушахой а, пIатIахой а,
иштта секхаIедаш дулуш болу лудамхой а,
тIаме хIинца арадовла!
10 ХIара де массо а ницкъийн Хьалдолчу Элан де ду.
ХIара де Цо бекхам бо де ду.
Цуьнан мостагIашна тахана бекхам хир бу.
Туьро уьш, ша дуззалц, дIакхоллур бу,
ша Iаббалц, церан цIий а молур ду,
хIунда аьлча Эпрат-хина уллохь болчу къилбаседерачу махкахь
массо а ницкъийн Хьалдолчу Эло Шена сагIа кечдийр ду.
11 ГалIаде а гIой, цигара хьайна молханаш схьаэца,
ва хьоме Мисаран къам!
Амма ахьа дарба лeладар эрна хуьлу,
хIунда аьлча хьуна хила дарба дац.
12 Кхечу къаьмнашна хьан эхьах лаьцна хезар ду,
хьан белхаро дерриг а латта хьаладузур ду.
Цхьа тIемало вукху тIемалочух тасалур ву,
ткъа уьш ший а охьавужур ву».

## Набухди-Нецар схьавалар

13 †Мисар-махкана тIелатархьама Бавелан паччахь волу Набухди-Нецар схьаваларх лаьцна Везачу Эло Ярми-ЯхIу-пайхамаре иштта хаам бира:
14 «ХIара хаам дIакхайкхабе Мисар-махкахула,
дIахаийта иза Мигдол а, Нуп а, Тахьпанхьас а гIаланашкахь:
„Лардаран раьгIнашкахь дIахIиттий, тIамана кечло,
мостагIчун туьро хьуна гонах мел долу къам дIакхоллу дела.
15 ХIаллак хIунда хилла хьан ницкъболу тIемалой?
Уьш дуьхьал латталур бац, хIунда аьлча
Везачу Эло лаьхкина буьгуш бу уьш“.
16 Цо дукхахберш тасаболуьйтур бу.
Уьш вовшашна тIе оьгур бу.
Цара бохур ду: „Дуьло, юхагIур ду вай
вайн халкъана тIе а, вайн махкана тIе а,
хIаллакдечу туьрах кIелхьардовлархьама“.
17 Цигахь цара эр ду: „Мисар-мехкан паччахь волу пирIун
эрна гIовгIа ян бен вац. Цо шен таро йолу хан дIаяхийти“.
18 Дийна волчу Сох чIагIо йо Аса, – боху Паччахьо,
Шен цIе массо а ницкъийн Веза Эла йолчу, –
лаьмнашна юкъахь Табур-лам санна волу а,
хIордана уллохь лаьтташ Кармал-лам санна волу а
цхьа ницкъболу куьйгалхо вогIур ву шуна.
19 Мисар-махкара бахархой, шайн массо а хIума схьагулде,
йийсаре даха кечам бе, хIунда аьлча
Нуп-гIала ерриг а яссор ю,
цхьа а стаг шена чохь ца вехаш
ерриг а йохийна хир ю.
20 Мисаран къам чIогIа хаза дуьхьарг санна ду,
амма къилбаседехьара ю тухуш болу моза цунна тIебогIу.
21 Цо тIелаьцна балийна болу тIемалой
дустийначу эсех тера бу.
Уьш шаьш бевдда дIагIур бу,
дуьхьаллатта де доцуш, хIунда аьлча
церан Iожаллин де тIекхаьчна,
царна таIзар хуьлу де ду тIедеанарг.
22 Мисаран эскар дедда дIагIур ду,
лаьхьано санна хиш-ш а деш,
мостагIийн эскар улло кхочучу хенахь.
Уьш, шайн карахь дагарш а долуш,
хьун хьаккхархой санна, цунна тIе летар бу.
23 Цара хьоккхур ю мисархойн хьун, –
боху Везачу Эло, –
Цу хьун чохь дукха дитташ делахь а.
ЦIоз санна, дукха ду мостагIчун эскар,
уьш багарбина а вер вац.
24 ЮьхьIаьржачу хIоттор ду Мисаран къам,
къилбаседехьарчу халкъан карагIур ду иза».
25 Исраилан халкъан Дела волчу массо а ницкъийн Везачу Эло боху: «Ас кестта таIзар дийр ду Ну-гIалахь волчу *Амин-харцдалла* а, иштта ПирIунна а, Мисар-махкана а, цуьнан деланашна а, паччахьашна а, пирIунах тешна Iаш мел болчарна а. 26 Уьш хIаллакбан гIерташ болчу церан мостагIийн кара дIалур бу Ас уьш – Бавелан паччахь волчу Набухди-Нецаран а, цуьнан баьччанийн а кара. Амма тIаьхьо Мисар-махкахь хьалха санна нах бехаш Iаш хир бу», – боху Везачу Эло.

## Везачу Эло Шен халкъ кIелхьардаккхар

27 ††«Ткъа хьо, Сан ялхо йолу Якъубан тIаьхье,
кхера ма ло, иштта Исраилан халкъ, ма къахка.

† *46:13 Ярми-ЯхIу 43:10-13.*

†† *46:27, 28 Ярми-ЯхIу 30:10, 11.*

Аса хьо генарчу махках кIелхьардоккхур а ду,
шаьш йийсаре дIабигначу махкара
хьан тIаьхьенаш паргIатйохур а ю.
Якъубан тIаьхье юхайоьрзур ю,
уьш машарехь а, сашортехь а бехар бу.
Царна цхьаммо а кхерамаш а туьйсур бац.
28 Сан ялхо йолу Якъубан тIаьхье, кхера ма ло, –
боху Везачу Эло, – Со хьоьца волу дела.
Шу дIасалаьхкина мел долу къаьмнаш
Аса билггал хIаллакдийр делахь а,
шу хIаллак ца деш, дуьтур ду.
Шуна таIзар ца деш Аса шу дуьтур дац,
амма Аса нийсонца Шуна таIзар дийр ду».

### ПIелаштамхойх лаьцна болу Везачу Элан хаам

47 †ПирIун Iази-гIалина тIелатале хьалха Ярми-
ЯхIу-пайхамаре Везачу Элера пIелаштамхойх
лаьцна болу хIара хаам кхаьчна. 2 Иштта боху
Везачу Эло:
«Къилбаседехь хиш ду хьаладовлуш,
ткъа царах тIехйолу Iовраш хир ю.
Уьш тIеевр ю пIелаштамхойн махкана а, цу тIехь
мел долчу хIуманна а тIе,
гIаланашна а, царна чохь Iаш долчу адамашна а
тIе.
Цигара нах орца даха буьйлалур бу,
махкахь мел Iаш берш боьлхур бу.
3 Царна ницкъ болчу говрийн когийн татанаш
хезар ду,
гIудалкхаша еш йолу гIовгIа а хезар ю.
Цу гIовгIана юкъахь дай шайн берашка дIахьажа
а,
царна гIо дан а кхуьур бац, хIунда аьлча
гIора дIадаьлла болчу цара
шайн куьйгаш охьадохуьйтур ду.
4 Берриг а пIелаштамхой хIаллакбен де
тIекхаьчна,
Цора-гIалина а, ЦIадан-гIалина а
дисина долу гIо дIахеда хан тIекхаьчна.
Везачу Эло хIаллакбийр бу пIелаштамхой,
КаптIар-гIайренах схьаваьлла мел виснарг.
5 Шайн сингаттам а гойтуш,
Iази-гIаларчу наха шайн кортош дIадошур ду,
Ашкхилун-гIалара нах бист ца хуьлуш хир бу.
ПIелаштамхойх дийна мел диснарш,
дукха хир ду шу, шайн догIмаш а хедош,
шайгара боккха сингаттам гайтархьама?
6 „Мел лелар ду хьо, Везачу Элан тур,
саццаза таIзар деш? – боху аша. –
Юхадерзахьа хьайн батта чу,
сацахьа, меттадолахьа“.
7 Амма иза муха соцур ду, нагахь
шега Везачу Эло омра дича?
Ашкхилун-гIалина а, хIордан йистана а,
тIелата омра дина Везачу Эло».

### Муабахойх лаьцна болу Везачу Элан хаам

48 ††Муаби-махках лаьцна Исраилан халкъан
Дела волчу массо а ницкъийн Везачу Эло
боху:
«Декъаза ю Набу-гIала, иза дакъазаяькккхина хир
йолу дела.
Кхиръятим, юьхьIаьржачу а хIоттийна,
схьалаьцна хир ю.
Цуьнан гIап, юьхьIаьржачу а хIоттийна, йохийна
хир ю.
2 Муабин къоман кхин сийлалла хир дац.
Хьешбонехь цунна дуьхьалдаккха зулам кечдеш
бу:
„Дуьйло, хIаллакдийр ду вай и къам“, – бохуш.
Хьо а, Мадмон-гIала, дIатийна хир ю,
тур хьуна тIаьхьадаьлла лелар ду.
3 Хьоронайм-гIаларчу наха маьхьарий детта:
„Мел бохам бина! Мел чIогIа йохийна!“
4 Муабин къам хIаллакдина ду.
Цуьнан бераш чIогIа доьлхуш ду.
5 Лухьайте хьалаболучу новкъахь
адамаш ца совцуш доьлхуш ду.
Хьоронайм тIера боьдучу новкъахь
гIайгIане маьхьарий ду хезаш
мостагIаша дохор бахьана долуш.
6 Довдалаш, кIелхьардаккхалаш шайн дахар!
Яьссачу аренгахь йолчу куллах тарлолаш.
7 Шайн корматаллех а, шайн бахамах а
тешна шу Iийна дела,
йийсаре кхочур ду шу.
Шун дела волу Камош а гIур ву йийсаре,
шеца динан дай а, элий а буьгуш.
8 ХIора гIали чу хIаллакдеш верг вогIур ву,
цу гIаланех цхьа а йоха ца еш а юьсур яц.
ТогIеш а хIаллакьхир ю, шера аренаш а яссалур ю.
Дерриг а Везачу Эло ма-аллара хир ду.
9 Муабин къомана тIемаш лойша,
иза, тIема а баьлла, дIабахийта.
Цуьнан гIаланаш яссалур ю,
хIунда аьлча цу чохь Iен стаг хир вац».
10 (НеIалт хир ду Везачу Элан лаам ледара
кхочушбечунна! Иштта неIалт хир ду шен туьре
цIий ца Iанадойтучунна а.)
11 Везачу Эло элира: «Муабин къам массо а хенахь
паргIат дара, йийсарехь а иза ца хиллера. Иза,
чагIар санна, хьаьъна лаьтташ дара, цхьана кеда
чуьра вукху кеда чу а ца дуттуш. Цундела цуьнан
чам а хьалхалера бара, цуьнан хьожа а
хьалхалерниг яра.
12 Делахь а, кестта тIейогIур ю цхьа зама, – боху
Везачу Эло, – Аса чагIар дуттурш боуьйтур йолу.
Ткъа цара Муабин къам, чагIар санна, охьаIанор
ду. Цуьнан кедаш цара дассор ду, ткъа кхабанаш,
кескаш яьхна, йохор ю. 13 ТIаккха Муабин халкъ
юьхьIаьржачу хIуттур ду Камош бахьана долуш,

† 47:1-7 ЕшаI-ЯхIу 14:29-31; Яхьазкхиал 25:15-17; Юал 3:4-8; Iамос 1:6-8; Цапни-ЯхIу 2:4-7; Закри-ЯхIу 9:5-7.

†† 48:1-47 ЕшаI-ЯхIу 15:1–16:14; 25:10-12; Яхьазкхиал 25:8-11; Iамос 2:1-3; Цапни-ЯхIу 2:8-11.

Исраилан тIаьхье, Бетал-гIалахь болчу цIуйх а
тешна, юьхьIаьржачу хIоттаре терра.
14 Шуьга муха алалур ду: „Тхо турпалхой ду,
тIом бан ницкъболу адамаш ду тхо“?
15 Бассалуш бу Муаби-мохк,
цуьнан гIаланаш а ю йогуш,
цуьнан тоьлла кIентий а бу хIаллакьхуьлуш, –
боху Шен цIе массо а ницкъийн
Веза Эла йолчу Паччахьо. –
16 ТIекхочуш ду Муабин къам хIаллакьхилар,
бохам цунна тIекхача сихбелла.
17 Тийжар хIоттаде цу къоман дуьхьа,
цунна гонах мел Iаш долчу къаьмнаша а,
цуьнан цIе евзаш мел долчу халкъаша а.
Ала: „Маржа-яI! Нуьцкъала къам дIадаьлла,
цуьнан сийлалла хIинца дайна лаьтта“.
18 Дибонахь дехаш дерш, охьадисса шайн
сийлаллин лакхенгара,
лаьттарчу чена юккъе охьаховша.
Муаби-мохк хIаллакбийриг хьуна тIелета,
ткъа Цо шун массо а гIепаш йохор ю.
19 IаруIерахь дехаш долу адамаш,
некъа йисте дIа а хIиттий, хьовса.
ДIауьдуш болчу божаршка а,
кIелхьарбовлуш болчу зударшка а
хаттар де: „ХIун хилла шуна?“
20 ЮьхьIаьржачу хIоьттина Муабин къам,
хIунда аьлча иза дохийна.
Мохь бетташ, белхар де, Арнон-хин йистехула
дIахаийта Муабин къам хIаллакдина хилар.
21 ТаIзар дина шерачу аренашкахь йолчу
гIаланашна: Хьулон-гIалина а, ЯхIац-гIалина а,
МейпаIат-гIалина а, 22 иштта Дибон-гIалина, Набу-
гIалина, Байт-Диблатаймна, 23 Кхиръятимна, Байт-
Гамулна, Байт-МаIунна, 24 Кхиръют-гIалина,
Бацарна – ерриг а Муаби-махкарчу уллорачу а,
генарчу а гIаланашна. 25 Муаби-мехкан ницкъ
дIабаьккхина, цуьнан куьг кагдина, – боху Везачу
Эло.
26 Вахон малар мала Муабин къомо, хIунда аьлча
ша Везачу Элал а лекха хетара цунна. Иза шен
Iетторашна юкъахь керчар ду, шех нах а бийлош.
27 Хьо Исраилан къомах доьлуш дара, Муабин
къам? Иза къола деш лаьцна дара, цуьнан цIе
йоккхушехь, дела а доьлуш, корта лесттол?
28 Йита гIаланаш, муабахой, тархашна юкъахь
даха ховша. Хьеха чу воьдийла йолчохь шайн
бенаш а дина, Iаш долу кхокхий санна хила.
29 Тхуна хезна Муабин куралллех лаьцна. Цуьнан
куралла йоккха ю! Цо ша даздо, деза детта, шех
дозалла до, ткъа цуьнан дог кураллех дуьзна ду.
30 Суна девза цуьнан дозалла дар, – боху Везачу
Эло, – ткъа иза эрна ду. Цо мел дийриг лаьттар дац.
31 Со а ву Муаби бахьана долуш воьлхуш, цуьнан
хIора вахархочунна тийжаш ву Со. Кхир-Хьарасан
бахархошна Со воьлхуш ву. 32 Со ЯIзирерачу
бахархошца цхьаьна тийжаш ву Сибмерачу
кемсийн бошмех лаьцна. Ва кемсийн бошмаш, шун
таьллангаш ЯIзир-гIалина уллорачу хIордана тIе
кхаччалц Iохкуш яра. Ткъа хIинца хIаллакдийриг
аш кхиийначу кемсашна тIелетира. 33 Ирс а,
синкъерам а дIабаьлла Кармалахь а, Муаби-
махкахь а. Ас совцийна муттдоккхургана чуьра
охьаоьхуш йолу чагIаран Iовраш, кхин хьошур яц
кемсаш, самукъадаларца маьхьарий а детташ.
Маьхьарий деттар ду, амма уьш синкъераме
маьхьарий хир дац.
34 Доьлхуш ду Хьешбонера а, ЭлиIалера а адам,
церан белхар ЯхIац-гIала кхаччалц дIахезаш ду,
иштта ЦIоIар-гIала дуьйна Хьоронайм-гIала а,
IагIлат-Шалши а дIахезаш ду иза. Нимраймара хи а
дIасецна. 35 Ас сацор ду, – боху Везачу Эло, –
муабахоша шайн дезачу гунаш тIехь сагIанаш
дахар а, шайн деланашна *хаза хьожа йогIу хIума*
ягор а.
36 Иштта сан дог, шедаг санна, Муаби-къомах
тийжаш ду. Сан дог Кхир-Хьарасан бахархошна
доьлхуш ду, хIунда аьлча церан массо а бахам
хIаллакьхилла. 37 ХIораннан корта баьшна бу, маж а
яцъелла, массеран а куьйгаш хедийна, массарна а
тIехь сингаттаман бедарш ю. 38 Муаби-махкарчу
цIенойн хIора тхевнна тIехь а, цуьнан
майданашкахь а лаьтташ белхар ду, хIунда аьлча
Ас иза, ца оьшуш йолу пхьегIа санна, хIаллакбина,
– боху Везачу Эло. – 39 Ма хIаллакьхилла Муабин
къам! Ма тийжаш ду иза! ЮьхьIаьржачу а
хIоьттина, шен букъ берзийна цо! Массо а цунах
кхаьрдар бу, ткъа цунна гонах мел долу къаьмнаш
кхералур ду, цунна хилларг а гина».
40 Иштта боху Везачу Эло: «Хьажал! Стигалара
тIееанчу аьрзуно санна, мостагIаша шайн тIемаш
дIасадохуьйтур ду Муаби-махкана тIехула.
41 Цуьнан гIаланаш а, гIепаш а схьайохур ю, хIора
муабахочун дог цу дийнахь берах хьийзочу зудчун
санна хир ду. 42 Муабахой хIаллакбийр бу, уьш кхин
къам хир дац, хIунда аьлча ша Везачу Элал а лекха
хетара цунна. 43 Iадор а, ор а, гур а хир бу шуна,
Муаби-мехкан бахархой, – боху Везачу Эло. –
44 Iадорах веддарг ор чу эккхар ву, ткъа ор чуьра
хьалаваьлларг гуро лоцур ву, хIунда аьлча Ас
Муаби-махкана тIе таIзаран денош далор ду, – боху
Везачу Эло. – 45 Хьешбон-гIалин пенийн IиндагIехь
бевдда боьлхурш гIо доцуш лаьтта, хIунда аьлча
Хьешбонера цIе елира, ткъа Сихьон-паччахьан
гIалара алу марсаяьккхира. Цу цIеро муабахойн
бIаьштигаш ягайо, оцу гIовгIа ечеран туьтанех цIе
летира. 46 Къа ду хьан, Муабин къам! Камош-
харцделан халкъ, хьо хIаллакьхилла! Хьан кIентий
кхечу махка дIабигина бу, ткъа хьан зудабераш
йийсаре дIадигина ду.
47 Амма тIаьххьарчу деношкахь Аса Муабин
къоман аьтто юхаметтахIоттор бу», – боху Везачу
Эло. Муабина тIехь кхел ярх лаьцна хааман чаккхе
кхузахь ю.

### Iамминан къомана тIехь кхел яр

49 †Iамминан къомах лаьцна Везачу Эло иштта
боху: «Бераш дац ткъа Исраилан халкъан?
Цуьнан долахь дерг кхочун верг вац ткъа? ТIаккха
*МилкIом-харцделан* къомо гадахойн мохк хIунда
дIалаьцна? Оцу къоман нах гадахойн гIаланашкахь
хIунда бу Iаш? 2 Зама тIекхочур ю, – боху Везачу
Эло, – Iаммин-махкарчу Рабба-гIалин нахана Аса
тIеман орца даккхар хозуьйтуш йолу. Оцу гIаланах
къапалгийн барз хир бу, цунна гонах йолу ярташ а
цIерца хIаллакйийр ю. Цара исраилхой шайн
гIаланашкара дIабахийтира, амма исраилхоша
Iамминхой цигара дIалохкур бу, – боху Везачу Эло.
3 Делха, Хьешбонан бахархой: хIаллакйина ГIай-
гIала. Тийжа, Рабба-гIалин зударий, шайна тIе
сингаттаман бедарш а юхий. Белхарца шайн гIалин
пенашна юккъехь дIасауьдуш хила, хIунда аьлча
мостагIчо *МилкIом* йийсаре дIавуьгур ву, цуьнан
динан дайшца а, элашца а цхьаьна. 4 ХIунда до аша
шайн тогIех дозаллаш, уьш токхе ю а бохуш? Ва
тешаме доцу къам, хьайн хьолах тешна а Iаш,
хьуна моьтту, хьуна тIелата цхьа а ваьхьар вац.
5 Амма Ас массо а хьан маьIIера хьуна тIе къемат
доуьйтур ду, – боху массо а ницкъийн Хьалдолчу
Эло, – тIаккха шу дIадовдур ду, цхьаммо а шу юха
цхьаьна схьа а гулдийр дац.
6 Амма тIаьхьа Аса Iамминхойн аьтто
юхаметтахIоттор бу», – боху Везачу Эло.

### Эдоман къомана тIехь кхел яр

7 ††Эдоман къомах лаьцна иштта боху массо а
ницкъийн Везачу Эло: «Кхин хьекъалалла ца
дисина те Теман-гIалахь? Хьехам кхин ца бало те
кхетам болчаьрга? ДIадаьлла те церан хьекъал?
8 Дадданан бахархой, бовдий, дIагIо кхузара,
хьехаш чохь дIаловчкъа, хIунда аьлча Iесаван
тIаьхьенна бохам бийр бу Ас. Цунна таIзар даран
хан схьакхаьчна. 9 Нагахь санна кемсаш
схьагулйийраш хьо волчу багIахь, таьллангаш
тIехь цара масех кемс схьаяккхаза юьтур яц те?
Нагахь буьйсанна къуй багIахь, шайна луъург бен
цара ца лачкъайо те? 10 Амма Аса Iесаван
тIаьхьенан мел долу хIума схьадоккхур ду, Ас
гучуйохур ю церан дIалечкъийлаш, кхин уьш
къайла ца бовлуьйтуш. Церан бераш а, гергарнаш
а, уллоранаш а байина дIабохур бу. Эдоман
тIаьхьенах цхьа а вуьтур вац. 11 Дита хьайн
бобераш, Ас дола дийр ду церан. Хьан бисина Iаш
болу зударий а Сох тешна Iан мегар ду».
12 Иштта боху Везачу Эло: «Нагахь таIзаран кад
мала декхарийлахь боцучара иза мала дезча,
таIзар даза хьо хIунда дита деза, Эдоман къам? Хьо
таIзар доцуш дуьсур ма дац – ахь а таIзаран кад
мер бу! 13 Аса Сайх чIагIо йо, – боху Везачу Эло, –
Бацар-гIала йохийна хилла дIахIуттур ю аьлла.
Цунах къемат а, кхардам а, яссийнарг а хир ю, ткъа
наха, цуьнан цIе а йоккхуш, неIалташ эр ду. Цунна
гонах мел йолу ярташ массо а ханна яссийна хир
ю».
14 Везачу Элера болу хаам хезна суна, и хаам
бахьаш геланча а ваийтина халкъашна тIе: «Шайн
эскарш схьа а гулдай, Эдомна тIамца чугIорта. 15 Ас
халкъашна юкъахь жима дийр ду хьо, ткъа
адамашна юкъахь хьо дегаза хетар ду. 16 Кхидолчу
къаьмнашна кхерам тийсарх а, хьайн деган
кураллах а хьо Iеха ма делла. Тархийн чIажашкахь
а, лаьмнийн баххьашна тIехь а хьо Iаш ду, амма
хьан цIенош аьрзунийн бенашка кхоччуш лекха
хилча а, цигара дIа а хьо охьадуссуьйтур дара Аса»,
– боху Везачу Эло.
17 «Эдом-махках нах кхаьрдар бу. Цигахула мел
волучо, инзар а ваьлла, шок еттар ю, цунна мел
бина бохамаш шайна гича. 18 ‡Седам-гIала а, Iамор-
гIала а, царна гонахара гIаланаш а йохийна
дIаяьхначул тIаьхьа ма-хиллара, – боху Везачу Эло,
– иштта цхьа а стаг кхин хир вац Эдом-махкахь,
цхьа а адам цигахь соцур а дац. 19 Йордан-хин
йистерачу боьлакаш юккъера лом токхечу
дежийлашка схьадалар санна, Со схьавогIур а ву,
цIеххьана эдомхой шайн махкара дIабовдуьйтур а
бу. ТIаккха Сайна луъург а оцу махкана тIехIоттор
ву Аса. Сох мила тарлур ву? Соьгара жоп деха мила
ву? Муьлха жаIу валалур ву Суна дуьхьал?
20 ЛадогIал Везачу Эло Эдоман бахархошна дан
леринчуьнга, иштта Теман-гIалин бахархошца Цо
дан леринчуьнга а. Ас чIагIо йо, жа санна долчу
Эдоман къома чуьра къонахий дIакхоьхьур бу
аьлла. Ас чIагIо йо, церан латта Аса хIаллакдийр ду
аьлла, цара мел лелийнарг бахьана долуш. 21 Эдом
южуш яьллачу гIовгIано латта дегор ду. Цигара
девлла маьхьарий Эрзийн хIорд болчу кхаччалц
дIахезаш хир ду. 22 Хьажал, хьала а даьлла,
стигалара тIедеанчу аьрзуно санна, мостагIаша
шайн тIемаш дIасадохуьйтур ду Бацар-гIалина
тIехула. Эдомхойн тIемалойн дегнаш оцу дийнахь
берах хьийзочу зудчун санна хир ду».

### Дамасакхана тIехь кхел яр

23 ‡‡Везачу Элера хIара хаам Дамасакхах лаьцна
бу: «ЮьхьIаьржачу хIоьттина Хьамат-гIала а,
Арпад-гIала а, хIунда аьлча цаьрга вон хаам
кхаьчна. ХIорд санна, оцу шиннан дегнаш хьийзаш
ду, гIайгIанехь хиларна церан синтем а бац.
24 Дамасакх-гIалин бахархой, дог а доьхна, юха а
бирзина, бевдда дIабаха кийча бу. Къемат тесна
церан дегнашка, гIайгIано а, лазаро а уьш
дIалаьцна. Цаьргахь, берах хьийзочу зудчуьнгахь
санна, лазарш ду. 25 Сан сакъералуш хиллачу,
гIараяьллачу гIалара нах дIа хIунда ца бевдда?
26 Цигарчу майданашкахь а, урамашкахь а къона

† 49:1-6 *Яхьазкхиал 21:28-32; 25:1-7; Iамос 1:13-15; Цапни-ЯхIу 2:8-11.* †† 49:7-22 *ЕшаI-ЯхIу 34:5-17; 63:1-6; Яхьазкхиал 25:12-14; 35:1-15; Iамос 1:11, 12; Iабди-ЯхIу 1:1-14; Малъаки 1:2-5.*

‡ 49:18 *Доладалар 19:24, 25.* ‡‡ 49:23-27 *ЕшаI-ЯхIу 17:1-3; Iамос 1:3-5; Закри-ЯхIу 9:1.*

нах охьаоьгур бу, массо а тIемалой а хIаллакьхир
бу цу дийнахь, – боху массо а ницкъийн Везачу
Эло. – 27 Ас цIе тосур ю Дамасакхан пенех, ткъа оцу
цIеро Бен-Хьадид-паччахьан гIепаш дIакхоллур ю».

### Къедарна а, Хьацорана а тIехь кхел яр

28 Бавелан паччахь волчу Набухди-Нецара
эшийначу Къедаран тукхамах а, Хьацоран
пачхьалкхех а лаьцна Везачу Эло боху: «Къедаран
тIаьхьенна тIамца тIегIорта, хIаллакдай, дIадаккха
малхбалехьара долу халкъ. 29 Церан четарш а, жаш
а схьадохур ду, церан четарийн шаршуш а, церан
бахам а, церан эмкалш а мостагIаша дIахьур ю.
Наха цаьрга мохь хьоькхур бу: „Массо а агIор
къемат ду шуна тIегIерташ!“
30 ДIадовда, сихха дIагIо кхузара, Хьацоран
бахархой, бердашна юкъахь дIаловчкъа, – боху
Везачу Эло. – Бавелан паччахь волчу Набухди-
Нецара шуна тIелата сацам бина. Шу муха
дуьхьалдевр ду цунна, хIара ойла йина.
31 „ХьалагIовтта, машарехь Iаш долчу, цхьана а
хIуманна гIайгIа а ца беш Iаш долчу халкъана
тIелата, – боху Везачу Эло. – Я неIарш а, я гIораш а
цуьнан гIаланийн дац, уьш цхьацца а бевлла Iаш
бу“.
32 МостагIаша церан эмкалш дIайохур ю, церан
даьхний дIалачкъор ду. И шайн гиччош тIера
месаш лоргуш болу нах Ас массо а маьIIехула
дIасабаржор бу, массо а маьIIера царна тIе бохам
хьажор бу Аса, – боху Везачу Эло. – 33 Хьацор иштта
чангIалкхийн бен хилла дIахIуттур ю, массо а ханна
яьсса аре а хилла. Адам цигахь цкъа а дехар а дац,
цхьа а стаг цигахь соцур а вац».

### Iейламна тIехь кхел яр

34 ЯхIудхойн паччахь волчу ЦIадукъ-ЯхIун
олаллин дуьххьарчу заманахь Ярми-ЯхIу-
пайхамаре Везачу Элера хаам кхечира. Иза
Iейламан бахархойх лаьцна бара. 35 Массо а
ницкъийн Везачу Эло бохура: «Ас Iейламан
секхаIадкхоссархой хIаллакбийр бу, оцу къоман
уггар боккха болу ницкъ. 36 Ас Iейламана тIе иштта
стигалан еа маьIIера биъ мох тIехьажор бу. Иштта
массо а меттехула дIасабаржор бу Ас уьш. Дуьнен
чохь цхьа а къам хир дац Iейламхой тIе ца дуссуш.
37 Церан мостагIех а, уьш хIаллакбан лоьхуш
болчарах а кхерор бу Ас Iейламхой. Ас царна бохам
боккхур бу, иштта Сан чIогIа дералла царна тIе а
ерзор ю, – боху Везачу Эло. – Ас Сайн тур царна
тIехьажор ду, уьш берриш а хIаллакбина
дIабаххалц. 38 Церан паччахь а, берриг а
баьччанаш а хIаллак а бина, Ас Сайн паччахьан
гIант дIахIоттор ду Iейлам-махкахь, – боху Везачу
Эло. – 39 Амма тIаьххьарчу деношкахь Аса Iейламан
къоман аьтто юхаметтахIоттор бу», – боху Везачу
Эло.

### Бавелах лаьцна болу хаам

50 †Везачу Эло Ярми-ЯхIу-пайхамарехула
хашадхойн мохк болчу Бавелах лаьцна бина
хаам хIара бу:
2 «Массо а халкъашка дIахаийта,
байракх хьала а айъаяй,
къайла а ца доккхуш, дIадийца:
„Бавел-гIала схьаяьккхина,
Вел-харцдела юьхьIаьржачу хIоьттина,
Мардух-харцдела дог доьхна ву,
Бавелан суьрташ юьхьIаьржачу хIиттина,
цуьнан цIуш дог доьхна а бу“.
3 Къилбаседера къам Бавел-махкана тIегIертар ду,
цунах яьсса аре а йина, дIа а хIоттош. Цигахь
вехаш цхьа а хир вац: адамаш а, дийнаташ а
цигара дIагIур ду».
4 «Оцу деношкахь, и хан тIекхаьчча, – боху Везачу
Эло, – Исраилан къам а, ЯхIудан къам а, цхьаьна
доьлхуш лелар ду, шайн Веза Дела а лохуш. 5 Цара
Цийон-ломана тIе боьдуш болу некъ хоьттур бу, цу
агIор дIа а хьоьжуш, уьш цига гIур бу. Схьа а
баьхкина, массо а ханна болу, цкъа а бицлур боцу
барт а беш, шаьш Везачу Элаца боьхкур бу цара.
6 Сан къам, тиладелла лелаш долу уьстагIий
санна, дара. Церан Iуша, нийсачу новкъа тIера дIа
а даьхна, лаьмнаш юккъехула дIасалаьхкинера
уьш. Лам тIера гунна тIе довлуш, шайн Iаш йолу
меттиг а йицйина, дIасалелара уьш. 7 Сан халкъана
дуьхьал мел кхеттарг, царна вонаш деш вара.
Церан мостагIаша бохура: „Тхо бехке дац, хIунда
аьлча цара Везачу Элана дуьхьал къинош летийна.
Веза Эла церан бакъйолу Iаш йолу меттиг ю, ткъа
Цунах церан дай тешна Iаш бара“.
8 ††ДIагIо Бавелера, бита хашадхойн мохк, жена
хьалха яьлла йоьду бож санна хилий, дIахIотта. 9 Ас
къилбаседехьара Бавелна тIе дуккха а даккхий
къаьмнаш далор ду. Уьш цунна дуьхьал
дIахIуьттур ду, ткъа Бавел цара схьайоккхур ю.
МостагIийн пхерчий дика тIемалой санна ду, тIам
тIера даьссачу куьйгашца юха ца боьрзуш болу.
10 Хашадхойн берриг а махкахула хIонс схьаоьцур
ю, ткъа махкана къола деш берш хIонсах Iаьбна
хир бу», – боху Везачу Эло.

### Бавел йожар

11 «Шу, сакъералуш, ирсе лелаш дара, Сан латта
дIалацарна. КIа оруш долу дуьхьарг санна,
сакъералуш а, кхиссалуш а дара шу, тIемалойн
говраш санна, терсаш дара шу. 12 Амма хIинца шун
нана юьхьIаьржачу хIуттур ю, шу дина болчу
Бавел-махкана эхь хетар ду. Кхечу къаьмнашна
юкъахь Бавел уггар кIезигниг хир ду. Бавел-мохк
яьсса аре а, декъа латта а хир ду. 13 Везачу Элан
оьгIазло бахьана долуш, цхьа а стаг Бавелехь

† 50:1–51:64 ЕшаI-ЯхIу 13:1–14:23; 47:1-15. †† 50:8
*Довзийтинарг 18:4.*

вехаш хир вац, ерриг а и меттиг яссалур ю. ГIалина
уллохула тIех мел волучо, инзар а ваьлла, шок
еттар ю, цунна мел бина бохамаш шена гича.
14 Бавелна го а бай, тIамана кечло. СекхаIедаш
кхуьссурш, гIалехьа дIахеца шайн пхерчий, уьш
кхоа а ма де, хIунда аьлча цо Везачу Элана дуьхьал
къа латийна. 15 ТIеман маьхьарий детташ, цунна го
бай, дIахIитта. Тахана ша мостагIийн кара дIаелла
Бавел-гIалано, йохийна цуьнан бIаьвнаш, цуьнан
пенаш охьаэгна. Веза Эла волчу Аса цунна бекхам
беш хиларна, аша а бекхам бе цунна. Цо кхечу
къаьмнашна тIехь деш дерг аша а де цунна тIехь.
16 ХIаллакве Бавел-махкахь латта дIадуьйш верг а,
ялта схьагулдечу хенахь карахь марс берг а.
МостагIийн туьрах кIелхьарвалархьама, кхечу
къомах верг хIорра а шен къам долчу юхаверза
веза, хIорра а шен махка ведда дIаваха веза».

### Исраилан халкъ юхадерзар

17 «Исраилан къам, лоьмех дедда долу жа санна
ду, массо а маьIIехула дIасадаьржина долу. Цкъа-
делахь, Ашур-махкарчу паччахьо иза
дIакхаьллина, тIаьхьара Бавелан паччахь волчу
Набухди-Нецара цуьнан даьIахкаш аьтта».
18 Цундела Исраилан халкъан Дела волчу массо а
ницкъийн Везачу Эло иштта боху: «Аса кестта
таIзар дийр ду Бавелан паччахьна а, цуьнан
махкана а, Ашур-мехкан паччахьна таIзар ма-
дарра. 19 Ас юхадерзор ду Исраилан къам шен
дежийле: иза децаш лелар ду Кармал-лам болчохь
а, Башан-махкахь а, ткъа ша Эпрайм-лам тIехь а,
ГалIадехь а дузур ду. 20 Цу заманахь, и хан
тIекхаьчча, – боху Везачу Эло, – Исраилан къомана
юкъахь къинош лоьхур ду, амма уьш хир дац,
ЯхIудан къомана юкъахь зуламаш лоьхур ду, амма
уьш а карор дац, хIунда аьлча Айса дийна
битинчеран къиношна гечдийр ду Аса».

### Бавелан къомана тIехь кхел яр

21 «ТIелата Мератайман лаьттана а, Пакхудан
бахархошна а. Царна тIаьхьа а бевлла, уьш
кхоччуш хIаллакбе, – боху Везачу Эло. – Аса шайна
тIе мел диллинарг де. 22 ТIеман а, боккхачу бохаман
а гIовгIа ю массо а махкахула схьахезаш ерг. 23 Ма
йохийна, кагйина дIаяьккхина-кх дуьненан *варзап*
йолу Бавел! Ма инзардевли-кх халкъаш Бавелна
динчунна! 24 Ас гураш доьгIнера хьуна, Бавел,
хIинца, хьайна а ца хууш, хьо цара дIалаьцна. Веза
Эла волчу Суна хьо дуьхьал яьллера, цундела хьо,
кара а йина, дIалаьцна. 25 Везачу Эло Шен
дIадуьллийла йолчуьра оьгIазаллин герзаш
схьаэцна, хIунда аьлча массо а ницкъийн
Хьалдолчу Элан дан дезаш гIуллакхаш ду
хашадхойн лаьтта тIехь. 26 Массо а маьIIера
Бавелна тIе гIорта! НеIарш а кегъеш, схьаелла
церан ялта Iалашдо меттигаш! Бавелах хоттан
саьлнаш е! Массо а хIума, буха ца дуьтуш, дохадай,
дIадаккха. 27 Массо а тIемалой, байий, дIабаха!
Стерчий санна, байархьама дIабига уьш! Къа ду
церан! Царна таIзар дан деза де тIекхаьчна».
28 (КIелхьардовлархьама Бавел-махкара
дIаидинчу адамаша бохучуьнга ладогIа! Цийон-лам
тIе схьа а баьхкина, цара дуьйцу вайн Везачу Дала
динчух лаьцна. Шен дезачу цIенна динчунна Цо
бекхам барх лаьцна дуьйцу цара.)
29 †«Бавел-гIалина тIелата схьакхайкха массо а
секхаIад карахь долчаьрга. Схьаваийта хIора
секхаIад дула хууш верг. ГIалина го бе, цигара цхьа
а ведда кIелхьар ца валийта. Цо шена леххнарг де
цунна, кхечу къаьмнашна цо диннарг а дайта,
хIунда аьлча дозалла а деш, Бавелан къам
дуьхьалдаьлла Везачу Элана, Исраилан къоман
Везаниг волчу! 30 Кегий нах хIаллакьхир бу цуьнан
урамашкахь, ткъа оцу дийнахь цуьнан берриг а
тIемалой а бойур бу», – боху Везачу Эло.
31 «Хьо чIогIа кура ду, Бавелан къам, цундела Со
хьуна дуьхьалваьлла, – боху массо а ницкъийн
Хьалдолчу Эло. – ТIекхаьчна хьуна таIзар дан деза
хан. 32 Ког а тасабелла, охьакхетар ю кура Бавел,
хьалагIатта цунна цхьаммо а гIо а дийр дац. Ас
цуьнан гIаланех цIе латор ю, цу цIеро гонах массо а
хIума дагийна дIадоккхур ду».
33 Массо а ницкъийн Везачу Эло боху: «Йийсарехь
болчу исраилхошна а, яхIудхошна а гIело йо. Уьш
дIабигна массара а дIалаьцна латтош бу, ткъа
царна уьш схьахеца а ца лаьа. 34 Амма уьш
ПаргIатбохург чIогIа ницкъ болуш ву, ткъа Цуьнан
цIе массо а ницкъийн Веза Эла ю. Церан гIуллакх
Цо леррина къастор ду, дуьненна синтем а луш,
ткъа Бавелан бахархошна гIайгIа а кхуллуш».
35 Везачу Эло боху:
«Тур тоха хашадхошна!
Тур тоха Бавелехь бехаш болчарна,
церан баьччанашна а, хьекъалчашна а!
36 Тур тоха церан динан дайшна,
уьш кхетамчуьра а бохуш.
Тур тоха церан тIемалошна,
уьш къематах а бузуш.
37 Тур тоха церан говрашна а, гIудалкхашна а,
шайна юкъахь болчу тIелаьцначу тIемалошна а,
уьш, зударий санна, кхоьруьйтуш.
Тур тоха церан хазнашна,
уьш хIонс санна дIаса а йохуьйтуш.
38 Йокъа хIоттае Бавеларчу хишна тIе,
уьш долу меттигаш якъа а еш,
хIунда аьлча Бавел – цIуйн мохк бу,
ткъа оцу дегазчу цIуша уьш хьерабоху.
39 ††Яьссачу аренийн акхарой а, чангIалкхаш а
Бавелехь ехар ю, иштта бухIанаш а хир ю кху
лаьтта тIехь ехаш. Адамаш цигахь цкъа а дехар
дац, массо а тIейогIучу тIаьхьенашна цкъа а стаг
цигахь Iаш хир вац. 40 ‡Везачу Эло Седам-гIала а,
Iамор-гIала а, царна гонах йолу ярташ а йохийна

† *50:29 Довзийтинарг 18:6.* †† *50:39 Довзийтинарг 18:2.*
‡ *50:40 Доладалар 19:24, 25.*

дIаяхаре терра, – боху Везачу Эло, – иштта
Бавелаца хир ду. Цигахь цхьа а адам дехаш хир
дац, цхьа а стаг цигахь кхин соцур вац.
41 Хьовсал, къилбаседехьара тIедогIуш доккха
эскар ду,
дуьненан йистера тIаме кечам беш ду доккха
къам.
42 Церан карахь гоьмукъаш а, секхаIедаш а ду,
уьш къиза а, шайца къинхетам боцуш а бу.
Уьш говрашкахь богIучу хенахь,
карзахбаьллачу хIордах тера бу.
Хьоьца тIом бан кийча бу уьш.
Церан Iалашо – хьуна тIелатар ю, Бавел.
43 Царах лаьцна Бавелан паччахье хаам кхаьчча,
цуьнан куьйгаш гIелделла охьадахара.
Берах хьийзош йолчу зудчуьнгахь санна,
боккха бала бара цуьнгахь.
44 Йордан-хин йистерачу боьлакаш юккъера лом
токхечу дежийлашка схьадалар санна, Со
схьавогIур а ву, цIеххьана бавелхой шайн махкара
дIабовдуьйтур а бу. ТIаккха Сайна луъург оцу
махкана тIехIоттор ву Аса. Сох мила тарвалалур ву?
Соьгара жоп деха мила ву? Муьлха жаIу валалур
вара Суна дуьхьал? 45 ЛадогIал Веза Эла волчу Ас
Бавел-гIалин бахархошна дан леринчуьнга, иштта
хашадхойн махкана Аса дан леринчуьнга а. Ас
чIагIо йо, жа санна долчу Бавелан къома чуьра
къонахой дIакхоьхьур бу. Ас чIагIо йо, церан латта
Аса хIаллакдийр ду, цара мел лелийнарг бахьана
долуш. 46 Бавел схьаяьккхина яьллачу гIовгIано
латта дегор ду. Цигара девлла маьхьарий
къаьмнашна юкъахь дIахезаш хир ду».

## Бавелан къомана тIехь кхин а кхел яр

51 Иштта боху Везачу Эло: «Ас Бавелна а, Лев-
Кхамай-мехкан † бахархошна а тIе хIаллакбо
мох хьокхуьйтур бу. 2 Хийра нах Ас Бавелан
къомана тIегIуртуьйтур бу. ИрхдугIучу хенахь
кегаш мохо дIахьаккхаре терра, цара бавелхойн
мохк бассор бу. Цунна тIе бохам бечу дийнахь
массо а агIор оцу махкана го бийр бу цара.
3 СекхаIад кхуссучарна шайн Iад дула я шайн
гIаьгIнаш тIедуха хан ма ло. Бавелхойн кегий нах
ма кхоабе! Дерриг а церан эскар, дохадай,
хIаллакде! 4 Хашадхойн лаьтта тIехь Iохкур бу
байинарш, чевнаш хилларш а цигарчу некъаш
тIехь Iохкур бу». 5 Шайн Дела волчу массо а
ницкъийн Везачу Эло Исраилан къам а, ЯхIудан
къам а, йисина Iаш йолу зуда санна, ца дитина,
церан мохк Исраилан Везачунна дуьхьал
летийначу къинойх дуьзна делахь а. 6 Довдий,
дIагIо Бавелера, хIораммо а шайн синош
кIелхьардаха, цуьнан къинош бахьана долуш
хIаллак ца хила. ХIара зама Везачу Эло Бавелна
бекхам бан лерина йолу зама ю, шайна доггIург
дIало зама а ю. 7 ††Бавел Везачу Элан карахь дашо
кад бара, дерриг а дуьне дахош болу. Къаьмнаша
чагIар молура цу кеда чуьра, ткъа цул тIаьхьа,
кхетам чуьра а довлий, лелара уьш. 8 Амма
цIеххьана буьйжира Бавел-мохк, хIаллак а хилира
иза. Делха и бахьана долуш, лаха цуьнан чевнашна
молха: иза тобала а мега шуна. 9 ‡«Тхо иза тобан
гIиртира, амма цунна дарба ца хилира. Бита иза,
хIора а вайн махка дIагIур ду вай, хIунда аьлча
цунна йина йолу кхел стигалшка хьалакхаччал ю,
иза мархашна тIе хьалаяллал ю».
10 Сан халкъо боху: «Везачу Эло нийсонца вай
меттахIиттийна, ткъа вай хIинца, Цийон-лам тIе а
дахана, дIадийца деза вайн Везачу Дала динарг».
11 Везачу Эло мадайхойн паччахьийн са
карзахдаьккхина, хIунда аьлча Иза Бавелан къам
хIаллакдан воллуш ву. Цу тайпана Цо бекхам бийр
бу Бавелна, цара Шен дезачу цIенна динарг
бахьана долуш.
ТIеман хьаькамаша омра до: «Схьаэца шайн
турсаш, ирде пхерчий! 12 Байракх хьалаайарца
омра де Бавел-гIалин пенашна тIелата, гIарол а
чIагIде, массо а меттехь гIаролхой дIа а хIиттош,
мостагIчунна кIелонаш а кечъе!»
Везачу Эло Бавелан бахархошна Ша дан
леринарг дерриг а кхочушдийр ду. 13 ‡†Дукха хишна
уллохь Iаш йолу а, шортта хазнаш йолу а Бавел-
гIала, хьан чаккхе тIекхаьчна, хьан дахар дIахеда
хан тIееана. 14 Массо а ницкъийн Везачу Эло Шех
чIагIо йина: «Бавел, Ас хьуна чу, цIоз санна, дукха
адамаш хоьцур ду, хьуна тIехь толам баккхарна
цара маьхьарий а хьоькхур ду».

## Дела хаставаран йиш

15 Шен нуьцкъалаллица Цо дуьне кхоьллина,
Шен хьекъалаллица иза чIагIдина,
Шен хьекъалца лаьтта тIехула стигалш яржийна.
16 Цо къекъийтича, стигалан хиша гIовгIа йо.
Дуьненан йистошкара Цо мархаш хьалаайайо.
ДогIанаш а догIуш, Цо хаьштигаш туху,
Шен чIоьнашна чуьра мох а арабоккху.
17 ХIора стаг сонта а, хьекъал доцуш а ву.
ХIора куьпчи ша винчу цIуно юьхьIаьржачу
хIоттаво.
Цо лалийна суьрташ харцдерг бен дац,
церан кийрахь Iаь а, са а дац.
18 Церан цхьа а тайпана мах бац,
уьш беламна йина ю.
Кхел ечу хенахь
уьш тIепаза йовр ю.
19 Амма Якъубан тIаьхьенан Дела иштта вац,
хIунда аьлча Иза массо а хIуманан Кхоллархо ву,
ткъа Исраилан къам Цуьнан долахь дерг ду.
Цуьнан цIе – массо а ницкъийн Веза Эла ю.

† Лев-Кхамайн-мехкан*– иза абатан элпашца къайлаяьккхина йолу «хашадхойн» кхин цIе ю.*

†† 51:7 Довзийтинарг 17:2-4; 18:3. ‡ 51:9 Довзийтинарг 18:5. ‡† 51:13 Довзийтинарг 17:1.

### Везачу Элан варзап

[20] Везачу Эло боху:
«Бавел, хьо – Сан тIеман диг ду,
хьо – Сан тIеман герз ду.
Хьоьца Ас халкъаш а хьошура,
хьоьца Ас пачхьалкхаш а хIаллакйора.
[21] Хьоьца Ас говр а, цунна тIера бере а хьошура,
хьоьца Ас гIудалкх а, иза лоллуш верг а хьошура,
[22] хьоьца Аса зуда а, стаг а хьошура,
хьоьца Аса воккханиг а, жиманиг а хьошура,
хьоьца Аса кIант а, йоI а хьошура,
[23] хьоьца Ас Iу а, жа а хьошура,
хьоьца Ас ахархо а, сту а хьошура,
хьоьца Ас мехкада а, куьйгалхо а хьошура».

### Бавелна дина таIзар

[24] «Ткъа хIинца ЯхIудхойн бIаьргашна хьалха Ас
дIадоькхур ду Бавелан къомана а, хашадхойн
махкахь мел бехаш болчарна а цара Цийон-лам
тIехь мел дина вон бахьана долуш, – боху Везачу
Эло. – [25] Со хьуна дуьхьалваьлла, Бавел! Хьо дерриг
а дуьне хIаллакдеш болу лам санна ю, цундела Ас
хьуна тIе Сайн куьг хьур ду, хьо терхеш тIера лаьтта
охьа а кхуссуш. Хьо багийна болу лам хир бу.
[26] ЦIийнан сонна я цIийнан бухана хьох цхьа а тIулг
схьаоьцур бац. Хьо массо а ханна яссаелла
дIахIуттур ю», – боху Везачу Эло.
[27] «ТIеман байракх хьалаайае! Къаьмнашна
юкъахь коьман маIа лакха! Бавел-гIалина тIелата
халкъаш кечде! Араратан а, Менин а, Ашкиназан а
пачхьалкхаш цунна дуьхьал яха омра де. Царна
массарна а тIехь баьчча хIоттаве, цIоз санна дукха
говраш а хилийта. [28] Бавелна дуьхьалдаха
къаьмнаш кечде. Кечбе мадайхойн паччахьаш а,
мехкадай а, куьйгалхой а. Кечде церан олаллехь
долу дерриг а мехкаш. [29] Латта лесташ а, хьийзаш а
ду, хIунда аьлча Везачу Эло Бавелна дан леринарг
кхочушхуьлуш ду. Цунна Бавел-махках чохь адам
Iаш доцуш дассийна латта дан лаьа. [30] ТIом бечуьра
сецна Бавелан тIемалой, уьш чIагIйинчу
меттигашкахь сецна Iаш бу. Ницкъ дIа а баьлла,
уьш зударий санна хилла дIахIиттина. ГIаланийн
зайлаш бохийна дIабаьхна, ткъа церан цIенош
догуш ду. [31] Цхьа геланча вукху геланчина тIаьхьа а
кхуьуш, Бавелан паччахье цуьнан гIала массо а
маьIIера дIалаьцна лаьтташ ю аьлла, хаам эцна
вогIу. [32] Хиш тIера массо а дехьаволийла дIалаьцна
лаьтташ ю, гонах йолу уьшалш йогуш ю, тIемалой
кхерамо Iадийна». [33] Иштта боху Исраилан Дела
волчу массо а ницкъийн Везачу Эло: «КIа ара
кечъечу хенахь ког таIош йолчу хьаьттарх тера ю
Бавел. Жимма хан яьлча, ялта гулдан хан тIекхочур
ю».
[34] «Бавелан паччахь волчу Набухди-Нецара
тхо, дIа а кхаьллина, дакъадаллалц хуьйдина.
Цо тхо яьсса пхьегIа санна дIахIиттийра.
Саьрмико санна, цо тхо, дIа а кхаьллина,
тхан уггар дикачух шен кийра бузийра,
ткъа йисинарг дIакхоьссира.
[35] Тхуна массарна а йинчу къизаллех
Бавелан къам жоьпе озадойла, –
боху Цийонан бахархоша. –
Оха хьегна баланех хашадхойн мехкан
бахархой жоьпе озабойла», –
боху ярушалаймхоша.

### Везачу Эло Исраил-махкана гIо дар

[36] Цундела Везачу Эло боху: «Ярушалаймхой, Аса
нийсонца къастор ду шун гIуллакх, ткъа шун
мостагIашна бекхам бийр бу. Аса Бавелан хиш
схьадовлу меттигаш а, цуьнан хин шовданаш а
дакъор ду. [37] Бавел тIулгийн оьла хилла дIахIуттур
ю, цунах чангIалкхийн бен хир бу. Бавел гича, нах
къемате а хир бу, шок еттарца цунах кхаьрдар бу.
Цхьа а стаг цигахь вехаш хир вац. [38] Бавелан
бахархой, лоьмаша санна, гIигI деш лела. Церан
гIигI дар лоьман кIорнин санна ду. [39] Уьш
хьагбеллачу хенахь Аса царна той хIоттор ду, уьш
баххалц царна малор а ду, уьш дикка сакъералуш
ханна тIекхаччалц. Цул тIаьхьа царна массо а
ханна наб кхетар ю, уьш цкъа а сама ца бовлучу
тайпана, – боху Везачу Эло. – [40] Аса уьш сагIа даккха
кечдина Iахарий а, уьстагIий а, газарий а санна
дIахьур бу».

### Бавелан кхоллам

[41] Везачу Эло боху: «Ма эшийна ю Шейшак! † Ма
дIалаьцна ю дерриг а дуьнено хестийнарг! Ма
хили-кх Бавел къемате сурт къаьмнашна юкъахь!
[42] Бавелна тIехула хIорд баьржина, гIергIаш йолчу
тулгIенаша иза дIахьулйина. [43] Цуьнан гIаланаш
яссаелла ю, цуьнан латта дакъаделла дIахIоьттина
ду. Цигахь вехаш цхьа а вац, цхьа а стаг вер вац цу
гIаланашна чухула. [44] Ас Бавелехь таIзар дийр ду
Вел-харцдалла: цо дIа мел кхаьллинарг Ас
схьатосуьйтур ду. Иза волчу халкъаш кхин оьхур
дац!
Бавелан пенаш а охьаэгна ду. [45] Арадала
Бавелера, Сан халкъ! ХIораммо а шен са
кIелхьардаккха Везачу Элан чIогIачу оьгIазлонах.
[46] Дог доьхна а ма хила, кхера а ма кхера,
махкахула шайна хабарш хезча. Цхьана шарахь
цхьа хабар хезар ду шуна, вукху шарахь – важа
хабар хезар ду. И хабарш махкахь къизалла ярх
лаьцна хир ду, цхьана баьччано вукху баьччанна
дуьхьалдаккхарх лаьцна а хир ду и хабарш.
[47] Иштта тIекхочуш ду Ас Бавелан цIушна таIзар
дийр долу денош. Берриг а цуьнан мохк
юьхьIаьржачу хIоттийна хир бу. Массо а махкахула
байинчеран декъий Iохкуш хир ду. [48] ††Цул тIаьхьа
стигал а, латта а, царна тIехь мел дерг а

---

† *Шейшак *– иза абатан элпашца къайлаяькkхина йолу Бавел-мехкан кхин цIе ю.** †† 51:48 *Довзийтинарг 18:20.*

даккхийдеш хир ду Бавелна хилларг бахьана
долуш, хIунда аьлча къилбаседехьара хIаллакдо
эскарш тIелетар ду, – боху Везачу Эло. 49 †Бавело
исраилхой а, дерриг а дуьненан адамаш а хIаллак-
ма-дарра, цуьнан нах а хIаллакбан беза».

### Бавелехь бехаш болчу исраилхойх лаьцна хаам

50 «Туьрах кIелхьардевлларш, шу Бавелера сихха,
ца соьцуш, дIадаха деза. Шаьш геннахь долуш,
Веза Эла шайна дагаваийта, Ярушалайм а шайн даг
чохь хилийта». 51 Аша боху: «Тхайна сий мел доцург
хезча, тхуна чIогIа эхь хетара. Везачу Элан цIийнан
кертахь йолчу езачу меттигашна чу кхечу
къаьмнех болу нах баьхкича, тхо чIогIа
юьхьIаьржачу хIиттина дара». 52 Везачу Эло боху:
«ТIекхочуш ду Ас Бавелан цIушна таIзар дийр долу
денош. Массанхьа а цуьнан лаьтта тIехь чевнаш
хилларш узарш деш хир бу. 53 Бавел стигала
кхаччалц лакхаяьлла хилча а, цо цигахь шена
яккхий чIагIонаш йина хилча а, Ас тIаккха а цунна
тIе нах хьажор бара и гIала йохаяйта», – боху
Везачу Эло.

### Бавел кхин дIа а яссор

54 Везачу Эло боху:
«ЛадогIа! Белхар ду Бавелера схьахезаш,
йоккхачу йохоран гIовгIа хеза хашадхойн
махкара.
55 Везачу Эло билггал йохор ю Бавел-гIала,
цунна чохь мел йолу гIовгIа дIа а туьйш.
Яккхий тулгIенаш санна, мостагIий цунна
тIегIертар бу,
церан буьрса маьхьарий дIа а хозуьйтуш.
56 Бавел йохорхьама эскар цунна тIегIертар ду.
Цуьнан тIемалой йийсаре буьгур бу,
кегдина хир ду церан секхаIедаш.
Веза Эла – бекхаман Дела ву,
Цо кхоччуш бекхам бийр бу.
57 Ас малор ду церан баьччанашна а,
хьекъалчашна а, мехкадайшна а,
меттиган куьйгалхошна а, иштта церан
тIемалошна а.
Царна массо а ханна, кхин сама а ца бовлуш, наб
кхетар ю» –
боху Шен цIе массо а ницкъийн Веза Эла йолчу
Паччахьо.
58 Иштта боху массо а ницкъийн Везачу Эло:
«Бавелан стаммий пенаш баххаш тIе кхаччалц
дохор ду,
цуьнан лекха кевнаш а цIерца дагор ду.
Халкъаша къахьегнарг эрна хир ду,
къаьмнаша бина болх цIеро багийна хир бу».

† 51:49 *Довзийтинарг 18:24.*

### Ярми-ЯхIус бина болу Делера хаам Бавеле бахьийтар

59 ЯхIудхойн паччахь волчу ЦIадукъ-ЯхIус олалла
до доьалгIачу шарахь Сари-ЯхIу цуьнца цхьаьна
Бавеле вахара. Сари-ЯхIу Махьси-ЯхIун кIентан
Нери-ЯхIун кIант вара, ткъа иза паччахь Iаш волу
меттигаш Iалашйийриг вара. Ярми-ЯхIу-пайхамаро
цуьнга цхьа хаам дIабелира. 60 Ярми-ЯхIус Бавелна
тIекхача безаш болчу бохамех лаьцна дерг а,
Бавелах лаьцна кхин бина хаамаш а дерриг а
тептар тIе дIаязбинера. 61 Сари-ЯхIус Ярми-ЯхIуга
элира: «Хьожуш хилалахь: хьо Бавеле кхаьчначул
тIаьхьа хIара дерриг а цигахь дIадешалахь, иза
массарна а дIа а хозуьйтуш. 62 Цул тIаьхьа ала:
„Веза Эла! Ахьа хIара меттиг хIаллакйийр ю ма
аьлла, кхузахь цхьа а стаг а, дийнат а кхин а ца
Iойтуш, кхунах массо а ханна яссийна меттиг дIа а
хIоттош“. 63 ††Хьо и тептар дIадешна ваьлча, цунах
тIулг дIа а бехкий, иза Эпрат-хина юккъе кхосса.
64 Изза Бавел-гIалина а хир ду: иза кхин
хьалагIатталур йоцуш хи буха гIур ю, Везачу Эло
цунна тIе бен болу бохам бахьана долуш».
Цу тIехь Ярми-ЯхIун дешнаш чекхдовлу.

### Ярушалайм йожар

(ТIаьххьарнаш 24:18–25:7)

52 ЦIадукъ-ЯхIун ткъе цхьа шо дара, иза
паччахь хилла дIахIуттуш. Ярушалайм-
гIалахь Iаш а волуш, цхьайтта шарахь паччахьалла
дира цо. ЦIадукъ-ЯхIун ненан цIе Хьамутал яра. Иза
Либна-гIалара Ярми-ЯхIун йоI яра. 2 ЦIадукъ-ЯхIу-
паччахьо а, шен дас ЯхIу-Якхама санна, Везачу
Элана зуламе хеташ долу гIуллакхаш леладора.
3 Делахь а Ярушалайм-гIалин а, ЯхIуд-мехкан а
бахархой Шена уллора дIататтал чIогIа
оьгIазваханера Веза Эла.
Иштта ЦIадукъ-ЯхIу-паччахь Бавел-мехкан
паччахьна дуьхьалвелира. 4 ‡ЦIадукъ-ЯхIус
паччахьалла до уьссалгIа шо долуш, шеран
уьтталгIачу беттан уьтталгIачу дийнахь, Бавел-
мехкан паччахь Набухди-Нецар, шен дерриг эскар
а эцна, Ярушалаймана тIамца тIевахара. ГIалина
уллохь *меттамотт* дIа а хIоттийна, ерриг а гIалина
гонах гунаш дира цара, иза схьаяккха кечам
бархьама. 5 ЦIадукъ-ЯхIус паччахьалла до
цхьайтталгIа шо тIекхаччалц, мостагIаша го бина
лаьттира Ярушалайм. 6 Цу шеран боьалгIачу беттан
уьссалгIа де тIекхаьчча, гIалахь мацалла
йолаелира. Цу чохь болчу бахархошна даа хIума ца
диснера. 7 ‡†МостагIчо гIалин пенах доккха Iуьрг
даьккхича, берриг а Ярушалаймера тIемалоша
дIабовда кечам бира. Хашадхой гIалина го бина
лаьттинехь а, буьйсанна паччахьан бешана уллохь
болчу шина пенна юккъехь лаьттачу кевнехула
гIали чуьра араделира массо а эскар. Иза *Iариба-*

†† *51:63, 64 Довзийтинарг 18:21.* ‡ *52:4 Яхьазкхиал 24:2.*
‡† *52:7 Яхьазкхиал 33:21.*

*тогIи* йолчу дедда дIадахара. [8] Амма хашадхойн
эскар тIаьхьаделира ЦIадукъ-ЯхIуна. Ерихон-гIалин
аренашкахь уьш цунна тIаьхьакхиира. Ткъа
паччахьан эскарера берриш а тIемалой цунна
уллора дIасабевдира. [9] Паччахь схьа а лаьцна, цара
иза Бавелан паччахь волчу схьавалийра Хьамат-
махкахь йолчу Рабила-гIала. Цигахь цунна кхел
йира. [10] Бавелан паччахьо ЦIадукъ-ЯхIун кIентий
цунна хьалха байира, иштта ЯхIуд-махкара элий а
хIаллакбира цо Рабила-гIалахь. [11] †Ткъа ЦIадукъ-
ЯхIун ши бIаьрг а баккхий, цунна цIестан буржалш
тоха аьлла, омра дира цо. Цул тIаьхьа Бавелан
паччахьо иза, Бавеле дIа а вигна, набахти чу
воьллира. Иза ша валлалц цу набахти чохь
ваьллира.

### Везачу Элан цIа дохор

(ТIаьххьарнаш 25:8-17)

[12] Набухди-Нецара паччахьалла дечу
ткъайоьсналгIачу шеран пхоьалгIачу беттан
уьтталгIачу дийнахь паччахьан гIаролхойн
хьаькам волу а, Бавелан паччахьан ялхо волу а
Набузар-Адан Ярушалайме веара. [13] ††Цо Везачу
Элан цIа а, паччахьан цIа а, Ярушалаймера массо а
цIа а цIе тесна дагийра. Иштта, Ярушалаймехь долу
дерриг а коьрта цIенош а дагийра. [14] Оцу
хьаькаман куьйгаллехь долчу хашадхойн эскаро
Ярушалаймана гонах долу пенаш а дохийра.
[15] Паччахьан гIаролхойн хьаькамо Набузар-Адана
уггар къечарах болу цхьаберш а, Ярушалаймехь
дисина кхидолу халкъ а, говза гIишлош йийраш а,
Бавелан паччахьан агIор бевлларш а йийсаре
дIабигира. [16] Амма къечу нахана юкъара цхьадолу
адамаш цо цу махкахь дитира, цаьрга кемсийн
бошмашкахь а, кхашкахь а болх байтархьама.
[17] ‡Хашадхоша дохийна дIадехира Везачу Элан
цIенна хьалха долу цIестан бIогIамаш а, цIийнан
кертахь меттахйохуш йолу цIестан бухахIотторгаш
а, иштта цIестан хIорд а. Дерриг а цIаста цара
Бавеле дIадаьхьира. [18] Цара иштта дIаяьхьира
тесаш а, белаш а, тукарш а, *хаза хьожа йогIу хIума*
чуюьллу кедаш а, Везачу Элана гIуллакх дечу
хенахь лелош хилла йолу цIастанах йина мел йолу
пхьегIаш а. [19] Деших а, детих а мел йина хIуманаш
а дIаяьхьира паччахьан гIаролхойн хьаькамо:
бошхепаш а, богуш болу кIора дIасакхоьхьу нойш
а, цIий чудуттуш долу боганаш а, тесаш а,
къуьданаш а, хаза хьожа йогIу хIума чуюьллу
кедаш а, сагIанийн боганаш а. [20] Сулим-паччахьо
Везачу Элан цIенна лерина бина ши бIогIам а,
боккха яй а, шийтта цIастанах бина сту а,
меттахйохуш йолу кIелхIотторгаш а чIогIа еза яра.
Оцу хIуманашна дахана долчу цIастанан барам
буста а ца лора. [21] ХIора бIогIам берхIитта дол лекха
бара, ткъа цуьнан го буьстича, иза шийтта дол
бара. И бIогIамаш юкъахь хара дара, ткъа церан
пенаш биъ пIелг шуьйра дара. [22] Хьалхарчу
бIогIамна тIехь цIастанах дина *таж* дара, пхиъ дол
лекха а долуш. Цу тIехь цIастанах бина цаца а,
наран стоьмаш а дара. Вукху бIогIамна тIехь а дара
иштта дина цIестан наран стоьмаш. [23] Массо а
агIор безткъе ялхитта наран стом бара, ткъа таж
тIехь уьш бIе бара.

### ЯхIудхой Бавел-махка дIакхалхар

(ТIаьххьарнаш 25:18-21, 27-30)

[24] Паччахьан гIаролхойн хьаькамо коьрта *динан
да* волу Сари-ЯхIу а, шолгIа динан да волу Цапни-
ЯхIу а, Везачу Элан цIа чу воьдийла ларъеш волу
кхо гIаролхо а йийсаре дIавигира. [25] ГIалахь кхидIа
бисинчарах цо дIавигира тIемалойн хьаькам а,
паччахьан ворхI хьехамча а, нах эскаре дIаязбеш
волу эскаран коьрта йозанча а, иштта гIалахь
шайна схьакарийна волу кхузткъа кхиволу стаг а.
[26] Уьш берриш а паччахьан гIаролхойн хьаькамо
Набузар-Адана Бавелан паччахьна тIе Рабила-гIала
дIабигира. [27] Хьамат-махкарчу Рабила-гIалахь
Бавелан паччахьо, уьш байа аьлла, омра дира.
Иштта яхIудхой шайн махках бехира, йийсаре дIа
а бигина. [28] ХIоккхул адам шен цIера даьккхира
Набухди-Нецара: ша паччахьалла дечу
ворхIалгIачу шарахь ЯхIуд-махкара кхо эзар ткъе
кхоъ стаг араваьккхира цо. [29] Набухди-Нецара
Бавелехь паччахьалла дечу берхIитталгIачу
шарахь Ярушалаймера бархI бIе ткъе шийтта стаг
араваьккхира. [30] Набухди-Нецара паччахьалла дечу
ткъе кхозлагIчу шарахь Набузар-Адана ЯхIуд-
махкара ворхI бIе шовзткъе пхиъ стаг
араваьккхира. Верриг а йийсаре дIавигнарг виъ
эзар ялх бIе стаг вара.
[31] ЯхIудхойн паччахьо ЯхIу-Яхина Бавеларчу
набахтехь ткъе вуьрхIитта шо даьккхича, Авил-
Мардуха иза набахтера аравалийтира. Иза хилира
Авил-Мардух Бавелан паччахь хилла дIахIоьттинчу
шеран шуьйтталгIачу беттан ткъе пхоьалгIачу
дийнахь. [32] Авил-Мардуха цуьнца бертахь къамел
дора, ткъа Бавел-махкахь йийсарехь болчу
кхиболчу паччахьийн ларамал цунна лекха ларам
бира. [33] ЯхIу-Яхинна пурба делира шена тIера
тутмакхан духар дIадаккха. Дуьнен чохь ша кхин
мел йоккхучу хенахь кест-кестта паччахьна уллохь
яа хIума йоура цо. [34] ЯхIу-Яхин дуьнен чуьра
дIаваллалц, хIора дийнахь Бавелан паччахьо
цунна мел оьшург латтадора.

† *52:11 Яхьазкхиал 12:13.* †† *52:13 Сулим 9:8.* ‡ *52:17-23 Сулим 7:15-47.*

# Тийжамаш

### Дешхьалхе

ХIокху тIехь пхи байт ю. Iийса дуьнен чу валале, 586-гIачу шарахь Ярушалайм-гIала йохор а, иза дакъазаяккхар а, нах йийсаре бигар а ду царна чохь далхош дерг. Тептаран белхаран хатI делахь а, Делах тешаран а, хиндолчух сатийсаран а дешнаш ду цу тIехь. ХIора шарахь жуьгташа дагабоуьйту халкъана хилла и бохам. Цу деношкахь цара марханаш а кхобу, белхарш а латтадо, иштта хIара байташ а йоьшу.

### Ярушалайман бала

1 *А* дам † мацах дукха хилла йолу гIала,
цхьа а стаг воцуш санна йисина-кх и гIала.
Лаьтташ ю иза йисна Iачу зудчух таръелла.
Халкъашна юкъахь сийлахь йолуш лелла и гIала.
Мехкашна тIехь а эла хилла лаьттина и гIала.
Ясакх луш ерг санна хилла дIахIоьтти-кх и гIала.
2 *Б* уьйсанна иза йоьлху къаьхьачу белхарца.
БIаьрхиш а ма ду цуьнан беснеш тIехула
охьаоьхуш.
Вац-кх цхьа а иза тейийриг
и езначу массарна а юкъахь.
Цуьнан берриг доттагIий а ямарта хили цунна.
МостагIий а хилла, дIахIитти-кх уьш цунна.
3 *В* он тIе а догIуш, халчу лоллехь иза хили,
ЯхIудан халкъ йийсаре ма диги.
Хийрачу мехкашкахь даха иза хаийти,
амма цхьа а синтем цунна-м ца карий.
Массо а цуьнан мостагIий цунна тIаьхьабевли.
Готта йолчу оцу меттехь уьш цунна тIекхии.
4 *Г* IайгIанехь ма ду Цийонан †† некъаш,
Царна тIехула ца леларна деза де даздийраш.
Ма яссаели хIинца цуьнан ерриг а ков-керташ,
Цуьнан динан дай а бу узарш деш лаьтташ.
ЙоIарий а ма бу цуьнан йоккхачу гIайгIанехь.
Йоккха къахьо ма ю цуьнгахь шегахь а.
5 *Д* IахIитти-кх коьрте цуьнан массо а мостагIий,
Иза цаезнарш тоьллачу хьолехь бу.
Везачу Эло цунна и вон тIедаийти,
Цуьнан бахьана а цуьнан дукха къинош хилар ду.
МостагIашна хьалха, йийсаре а дахана,
Доьлхуш, дIаоьхуш цуьнан бераш а ду.
6 *Е* ли-кх дIа Цийонан
йоьIан ‡ хазалла.
Элий а бу цуьнан,
дежийла доцу сеш санна,
дерриг гIора дIа а даьлла,
таллархочунна хьалха бевлла.
7 *Ж* оп а лоьхуш, баланехь а,
гIело хьоьгуш а ша лелачу хенахь,
дагаяьхки Ярушалаймана тоххара хьалха
шен долахь мел хилла йолу хазнаш.
МостагIчун карах цуьнан халкъ доьжча,
цунна гIо дан цхьа а дIа ца хIоьттира.
Сийсаз а еш, иза хIаллакьхилча,
цуьнан мостагIий цунах кхаьрдира.
8 *З* ене долу къинош летадора Ярушалаймо.
И бахьанехь догдели нехан а цунах.
Хьалха, и хеста а еш, язйина лелларш
хьоьжу хIинца массо а ца бешаш цунах,
гарна шайна и хIинца ерзинаяьлла.
Ша а цо ма доху даккхий синош хIинца,
шена эхь хетарна, дIа а йоьрзуш.
9 *И* боьха томмагIа юх тIехь дара цуьнан.
Ца йора цо ойла шех хиндолчун.
Цуьнан йожарх нах инзарбевллера.
Вац-кха цуьнан догъэца хIинца цхьа а.
«Схьахьажахьа, Веза Эла, сан гIайгIа-балане,
ХIунда аьлча сан мостагIа вазвелла дIахIоьтти!»
10 *К* уьг цунна тIе ма кховдийна буьрсачу
мостагIчо,
Ярушалайман халкъан мехала мел йолчу
хIуманна тIе.
Хьан деза долчу цIа чу боьлхуш
го цунна кхечу къаьмнех берш.
Царах лаьцна Ахь омра ма дина,
Хьайн гуламан метте ма дуьйла аьлла.
11 *Л* оьхуш напха шена, доккха са а дохуш,
Дерриг а хьан халкъ шен синехьа даьлла,
Шен мехала мел йолу хIума цо юучух дIало,
ша гIелделла доллушехь, дийна дисархьама.

---

† *ХIокху тептаран кортош 1–4 абатан кепехь ду, абат кхачаме хиларе терра, цхьана тайпанан кхачамалла а гойтуш.** †† *Цийон *– иза Ярушалайм-гIалахь цхьа лам бу. Цу лома тIехь Делан цIа дара лаьтташ.** ‡ *Цийонан йоI *– иза ю Ярушалайм-гIала. И гIала Цийон цIе йолчу лам тIехь лаьтташ ю.**

«Хьажахьа хьо, Веза Эла, – оцу халкъо боху –
юьхьIаьржачу хIоьттина долу сан хьал хIинца муха ду.
12 *М*ассо а новкъахула тIехдовлурш, шуна иза хIумма а дац!
БIаьрг тохий, схьахьовсийша, юй те иштта цамгарш?
Дуй те иштта лазар, суна кхеттарг санна?
Буй те иштта бала, суна белларг санна?
Везачу Эло Ша кхачийтира иза суна
Ша оьгIазваханчу цу халчу дийнахь.
13 *Н*ийсса лакхара Цо цIе охьа ма теси,
сан даьIахкашна иза кIоргге чу ма ели.
Со дIалоцу бой Цо сан когашка теси.
Со, охьа а йожийна, Цо юха ма ерзийти.
Сан синах а кхетта, Цо со дIа ма теси,
Дийнахь сарралц Цо со гIелйина дIахIоттий.
14 *О*ццул долу сан къинош вовшех а дуьйцина,
шен куьйгаца царах суна дукъ Цо дина.
ТIаккха и дукъ суна Цо коча диллина,
иза бахьанехь сан берриг а ницкъ гIелбалийтина.
Хьалдолчу Эло дIаелла-кх со
схьаялалур йоцучеран кара.
15 *П*Iелг Шен меттахбаккхарца дIатеси Хьалдолчу Эло
Суна чохь карийна мел болу сан нуьцкъала тIемалой.
ТIаккха суна дуьхьал Цо эскарш дIахIиттий,
Цаьрга хIаллакбайтархьама сан къона тIемалой.
Мутт доккхучу гIирсо санна, Цо дIахьаьши
яхIудхойн йоI йолу и Ярушалайм-гIала.
16 *Р*еза йоцуш йоьлху со,
бIаьргаш бIаьрхих дуьзна сан.
Вац со денъян цхьа а,
тейийриг а вац-кха сан.
Бераш ду сан дог доьхна,
МостагIа шайл тоьлла дела».
17 *С*атуьйсуш, кхийдадо шен куьйгаш Цийоно,
амма вац-кха цуьнан догъэца цхьа а.
Якъубан халкъах лаьцна Везачу Эло омра дина,
цуьнан лулахойх Цо мостагIий цунна бина.
Царна юкъахь Ярушалайм-гIала
дIахIоьтти-кх сийсазниг а хилла.
18 « *Т*къа Веза Эла бакъонца ма лела,
Цуьнан даше ас ла ца доьгIна дела.
Сан балане хьажий,
ладогIалаш, халкъаш,
Сан йоIарий, сан къонахий
йийсарехь ма бу.
19 *Х*олчу хIоьттинчу хенахь сайн накъосташка кхайкхира со.
Амма цара, ле а йина, Iехийра со.
Сан динан дай, сан къаной,
шайн са кIелхьардаккхархьама,
шайна напха а лоьхуш,
лечу хьола тIе бевлла.
20 *Х*ьажахьа соьга, Веза Эла, дог доьхна со хиларна,
Суна чохь мел йолу хIума егаеш дIахIоьтти.
Дог а меттахдаьлла сан,
Хьуна ас дуьхьало ярна.
Арахьара деанчу туьро сайн берех со яьккхи.
ЦIера хьал, ялар санна, ма ду сан хIинца.
21 *Ц*арна ас узарш деш хезна,
Вац-кха сан догъэца цхьа а.
ДIахезна сан мостагIашна
Со къизачу баланехь хилар.
Айхьа аьлла де тIедаийтахьа,
Уьш а Ахь сох дIатарбехьа.
22 *I*есаллица цара мел динарг
Хьуна хьалха дIахIуттийла.
Сан къинош бахьанехь суна динарг
Ахьа царна а дойла.
Тийжамаш сан бу-кха гIийла,
Дог а сан мел гIелделла».

## Ярушалайм-гIалина бина бекхам

2 *А*ьшнаш а еш, Хьалдолчу Эло ма кхолий
Цийонан йоI Шен оьгIазаллица!
Исраилан халкъан сийлалла стигалара
Цо лаьтта тIе охьатеси.
Ша оьгIазваханчу цу дийнахь
Шен когийн кIело † Цунна дага ма ца еа.
2 *Б*ерриге а Якъубан мохк Хьалдолчу Эло хIаллакби.
Къа ца хеташ, къизаллица Цо и бохийна дIабаьккхи.
Ша дарвеллачохь Цо йохийна дIаяьккхи
ЯхIуд-мехкан ерриге а чIагIйина йолу меттигаш.
Пачхьалкх а, цуьнан элий а Цо лаьтта охьа ма теси,
сийсаз а баьхна, уьш берриш а Цо охьа а ма бехки.
3 *В*уно чIогIа дар а велла, Ша оьгIазвахча,
Исраилан берриг а ницкъ Цо хIаллакбина дIабаьккхи.
МостагIий царна хьалха дIахIиттича,
Шен аьтту куьг царна тIера Цо юхадерзий.
Цо иза дича, йогуш йолчу цIеро санна,
вайн махкара гонах мел дерг Цо дIа ма кхаьлли.
4 *Г*онахарчу мостагIчо санна,
секхаIад Цо тIехьажий.
Куьг тIе а кховдийна, мостагIчо санна,
бIаьргана мел безнарш хIаллакби.
ЦIе санна йолу Шен дералла
Цийонан йоIан четар чу Цо охьаIаний!
5 *Д*IахIоьтти-кх Хьалдолу Эла мостагIа хилла,
Исраилан мохк берриг а Цо хIаллак ма би.
Цуьнан паччахьан гIишлош йохийна дIа ма ехи.
Цуьнан ерриг а чIагIонаш дакъазаяьхна йити.
ЯхIудан йоI йолчохь долу латкъаммий, белхаррий

† *Когийн кIело *– иза Ярушалайм-гIала я цигахь лаьтташ долу Делан цIа ду.**

хӀинца чӀогӀа алсам Цо ма даьккхи.
6 *Е*рриге а Шен гӀишло, бешахь льаттa цӀа санна
йолу, Цо тӀепаза дӀаяьккхи.
Шен гуламан меттиг а Цо хӀаллакйина дӀаяьккхи.
Цийон-ломахь даздеш хилла деза денош
дицдайти.
Шена лерина шоьтан денош Везачу Эло дитийти.
ЧӀогӀа Ша оьгӀазваханчохь Цо паччахьаш
дӀатеси.
Ша чӀогӀа дарвеллачохь динан дайх Иза
дӀавирзи.
7 *Ж*ирга † а хетта, Шен *сагӀа доккху кхерч* юха а
тоттуш,
Хьалдолу Эла Шен цӀийнах дӀавирзи.
Цуьнан дерриш а пенаш
мостагӀийн кара Цо дахийти.
Дезачу дийнахь айдеш санна, цара аьзнаш
айади.
Везачу Элан цӀа чохь цара йоккха гӀовгӀа ма
яьккхи.
8 *З*Ӏенашца санна, гӀалина гонах сиз а хьоккхуш,
билгалдаьккхира Везачу Эло цуьнан пенаш дохо.
Цийонан йоӀан пен божорхьама
Шен куьг юха ца даьккхира Цо.
Арахула йолу чӀагӀонаш, пенашца цхьаьна
хӀаллак а йина, елхийтира Цо.
9 *И*дерриг Ярушалайман кевнаш льаттах чу ма
дахана.
Церан дерриг а гӀораш а, дохийна, дӀа ма даьхна.
Цуьнан паччахь, цуьнан элий хийрачу нахана
юкъабаьхна.
Товрат-хьехамаш Ӏамо кхин цхьа а вац.
Цуьнан пайхамаршна хьалха кхин ца хӀуьтту
Везачу Элера долу суьрташ.
10 *К*ъаной ма бу бист ца хуьлуш хевшина,
Цийонан йоӀан къаной льаттa тӀе охьахевшина.
Цара шайн кортошна тӀе ченаш а ма тийсина.
Сингаттаман бедарш цара догӀмаш тӀе а
юьйхина.
Ярушалайман йоӀарша а, гӀайгӀанехь дӀа а
хӀиттина,
халахетарца кортош шайн охьадахийтина.
11 *Л*едарадевлла-кх сан бӀаьргаш, бӀаьргех хиш
охьадарна.
Кийрахь мел дерг дегадо сан, дог карзахдаларна.
Сайн синах а ваьлла со, дукха тийжаш хиларна.
И дерриг а хилла суна, сан халкъ дохийна
лелорна,
Кегий бераш а, дакхош дерш а, мацалло эгийна,
ГӀалин урамашкахь Ӏохкуш хиларна.
12 *М*арахь долуш шайн наношка цу бераша ма
олу:
«Мичахь ду те бепиг, чагӀар?»
ТӀаккха, чевнаш хилларш санна,
гӀалин урамашкахь охьа а оьгий,
кийрара шайн синош дӀа а хоьций,
шайн нанойн карахь дӀадовлу уьш.
13 *Н*ийсадерг хӀун эр дара хьоьга, стенца хьо
юста,
Ярушалайм, ва сан йоӀ?
Стенах хьо таръе ас, хьо теярхьама,
ва йоӀстаг йолу хьо, Цийонан йоӀ?
Чов ю хьан, хӀорд санна кӀорга,
ХӀинца хьан тойийр яра те хьо?
14 *О*лура хьан пайхамарша
даьссаниг а, харцдерг а.
Хьо йийсаре ца яхийта,
гучу ца яьккхира хьан Ӏесалла.
Цара дуьйцу хиндерш а,
адам ледеш, харц ма ду.
15 *П*е а бетташ, гӀалина уллохула мел лелачу наха
хӀинца куьйгаш шайн вовшах ма детта.
Кортош а лестош, цара шакарш етта.
Ярушалаймах льацна цара иштта хоьтту:
«Шех хазаллин кхачамалла ду аьлла йолу гӀала
хӀара ю те?
Шех хазахетаран бохь бу аьлла гӀала хӀара ю те?»
16 *Р*езахиларца хиллачунна хьан мостагӀий хьох
кхаьрда,
Цергаш хьекхош, цабашарца цара шакарш ма
етта.
«Вай кху дийне са а тийсира,
вайна иза ган а ги,
Вай и хӀинца дӀа а кхаьлли», –
цара хӀинца ма эли.
17 *С*интем боцуш Везачу Эло Шен дош кхочушди,
хьалххе дуьйна Ша хьедина ма-хиллара.
Хьо къизаллица Цо хӀаллакйи,
Ширачу хенахь Ша билгал ма-даккхара.
И мостагӀчунна хазахийти.
Хьо цаезначийн ницкъ айи.
18 *Т*ийналлица кхойкху Хьалдолчу Эле адамийн
дегнаша.
Тергам белаш хӀинца аша, Цийонан йоӀан
пенаша,
Дийнаххьий, буьйсанний,
Ӏовраш санна, бӀаьрхиш хьан оьхийла.
Хьан синтем а ма хуьлийла,
хьан бӀаьргийн садаӀар а ма хуьлийла.
19 *У*замаш беш кхайкхарца,
буьйсанан хӀора дакъа долалуш,
Хьайн дагахь мел дерг а, хи санна,
Ӏанаде Везачу Элана хьалха.
Хьайн куьйгаш кховдаде доӀанца Цуьнга,
Хьайн берийн синош Цо Ӏалашдар доьхуш,
Урамийн сенашкахь
уьш мацалла лечу хенахь.
20 *Х*ьажахьа Хьо, Веза Эла,
Ахь хьанна и дина!
Дезий те зударша шайн бераш даа,
Шаьш дахар а делла, шаьш кхаьбна долу?
Хьалдолчу Элан цӀа чохь байъина
хила безий те динан дай а, пайхамарш а?
21 *Ц*у урамийн ченалахь ма Ӏохку
бераш а, къаной а охьаэгна.

† *Жирга *– дегаза; тамехь доцург; даго тӀе ца лоцу хӀума.**

Сан йоIарий а, кегий нах а
мостагIчун туьро охьабеххина.
ОьгIазваханчу ва дийнахь Ахь уьш хIаллакбира.
Церан синош ца кхоош, къизаллица уьш
байъира.
22 *I* аьржа баланаш массо а агIор Ахь суна
тIебалийра.
Дезачу денна кхойкхуш санна, Ахь уьш суна
тIебалийра.
Везачу Эло оьгIазалла ша йинчу ва дийнахь
Цхьа а дийна ца висира, цхьа а кIелхьара ца
велира.
Ас лелийна мел берш, кхиийна мел берш
мостагIчо хIаллакбина дIабехира.

### ГIайгIанехь воллушехь, сатийсам хилар

3 *А* лссам бу аса хьегна баланаш
Везачу Элан дерачу олаллин куьйгах.
2 *А* раваькккхи со Цо Iаьржачу бодане,
серло йоцчохь со лелийтархьама.
3 *А* ьрру куьг Шен дийнахь сарралц суна тIехь а
латтийна,
Веза Эла суна дуьхьал ма ваьлла.
4 *Б* илггал сан чкъор а, дилха а Цо мал а ма дина,
сан даьIахкаш а ца мегачу ма яьхна.
5 *Б* оккха го бира Цо суна,
къаьхьаллица а, халонашца а со дIа а лаьцна.
6 *Б* оданечу метте охьахаийна Цо со,
тоххарехь белла Iохкуш болу нах санна.
7 *В* езачу Эло буржалш тоьхна суна,
кIелхьар ца валийта го бина суна.
8 *В* езачу Элана дIа ца хезара сан доIа,
со Шега доьхушший, кхойкхушший волуш.
9 *В* езачу Эло тIулгашца дуьхьало йи сан
некъашна,
со лела некъаш а галдехи Цо.
10 *Г* амонца тIекхета кечъелла ча санна, дIахIоьтти
Иза суна.
КIело еш долу лом санна, хили Иза суна.
11 *Г* амдина сан некъаш, цистина со дIаваькккхи,
цхьа а воцург а вина, дIахIоттий Цо со.
12 *Г* Iакх дина, дIахIоттий Цо со,
Шен секхаIад а тIехьажий Цо суна.
13 *Д* ерриг а Шен Iад-ботт чуьра
пхерчий сан жаннашна тIетуьйхи Цо.
14 *Д* ерриг а сан халкъ сох кхаьрдаш дIахIоьтти,
шаьш денна а лоькхучу иллешна юкъа цара со
валий.
15 *Д* Iовшах а вузийна со Везачу Эло,
сагал-бецан къаьхьа хи а малийна Цо суна.
16 *Е* рриг сан цергаш жагIанца Цо кегйи,
лаьттарчу чимлахь Цо со верриг а бехви.
17 *Е* ли сан даг чуьра маршо а дIа.
Диццели суна самукъадалар муха хуьлу а.
18 « *Е* рриг а Везачу Элах йолу дегайовхо дIаели
сан,
берриг а ницкъ дIабели сан», – элира ас тIаккха.
19 *Ж ирга* хетачу стиман IаIар а, сагал-бецан
къаьхьалла а санна,
ю ас сайн баланех а, ваьлла леларх а йо
ойланаш.
20 *Ж* олам-яI, мел дика дагахь лаьтта суна иза,
ма доьхна ду-кха сан дог а хIинца.
21 *Ж* им-жимма делахь а, юхадоьрзу
сан сатийсар, суна иза дагадеача:
22 *З* аманашкахь а чекх ца болучу Везачу Элан
безаман чакккхенга вай тIе ца кхаьчна †,
ткъа Цуьнан къинхетамаллин гIуллакхаш чекх а
ца девлла.
23 *З* овкх-яI, хIора Iуьйранна карладуьйлу уьш,
Хьан тешаме хилар а мел кIоргге ду!
24 *З* ийна долчу сан сино боху: «Веза Эла сан дакъа
ду,
цундела Цунах а тешна со Iийр ву!»
25 *И* штта дика ву Веза Эла, Шех а тешна, Iаш
болчарна!
Дика ву Веза Эла Ша лоьхуш болчарна!
26 *И* штта дика ду собарца Везачу Эле ладегIар,
гIолехь ду Цо кIелхьардахаре хьежар.
27 *И* штта, гIолехь ду стагана ша къона волуш,
собаран дукъ лело иза Iемича.
28 *К* ъаьхьачу баланийн мохь Везачу Эло шена тIе
биллина дела,
тап-аьлла, тийна, ша волччохь Iан веза иза.
29 *К* хочуьйтуш шен юьхь лаьтта, охьатеIийла иза
Везачу Элана хьалха,
хIунда аьлча догдохийла кхин а хила там бу.
30 *К* хечо шена тоьхча, шен важа бесни а
схьаерзайойла цо.
Шега вон дош аьлча, собарх вузийла иза.
31 *Л* арам а беш, Хьалдолчу Эло
гуттаренна а вуьтур вац иза.
32 *Л* ан хала болу бала Ша тIебаийтахь а,
къинхетам бийр бу Цо,
Шен хедар боцчу безаман бараме хьаьжжина.
33 *Л* аа а лууш ца до Везачу Эло
адамийн кIенташна таIзар а, халахетар а.
34 *М* а хаьа-кх Цунна когаш кIел хьоьший
кху лаьттара массо а тутмакх.
35 *М* а го-кх Веза Воккхачунна, Шена хьалха
адаман бакъонаш ларъеш ца хилча.
36 *М* а го-кх Хьалдолчу Элана,
адамна кхел нийса еш ца хилча.
37 *Н* агахь санна Хьалдолчу Элана хила лиъча бен,
нахана лиънарг кхочуш хир дац.
38 *Н* ийсса Веза Воккхачо аьлча а бен,
хуьлий-ткъа бохам балар я беркат хилар?
39 *Н* агахь санна ша хIинца а вехаш хилча,
къинош бахьанехь шена дечу таIзарна
латкъамаш бан ца беза стага.
40 *О* цу ваьш лелачу некъийн тидам а бина,
Везачу Элехьа доьрзийла вай, уьш талла а
теллина.

---

† *Я иштта: *Заманашкахь чекх ца болучу Везачу Элан безам бахьана долуш вай дIа ца кхаьллина.**

41 *О* цу стигалшкахь волчу вайн Деле
хьалаойийла вай вешан дегнаш а, куьйгаш а.
42 *О* ццул дуьхьал а девлла, Хьох дІакъаьстира тхо.
Ахьа, Веза Эла, тхуна геч а ца дира.
43 *П* аргІат тхуна тІаьхьа а ваьлла, Хьо оьгІазвахча,
тхох къа а ца хеташ, дайира Ахь тхо.
44 *П* ардо санна йолчу цу мархина юкъахь дІахьулвелира Хьо,
тхан доІанаш Хьайна тІе ца кхачийтархьама.
45 *П* ачхьалкхашна а, массо къаьмнашна а юкъахь
нехаш санна дина, дІахІиттий Ахь тхо.
46 *Р* еза шаьш хиларна, мостагІий вайх кхаьрдаш бу,
вайн массо а мостагІий вайна кхиссарш еш бу.
47 *Р* агІ кхечи вайн а, къаьхьа къемат а, оьрнаш а,
дакъазадовлар а, дохор а хили вайн дакъа.
48 *Р* оггІана хин Іовраш йоуьйту сан бІаьргаша,
сан халкъ хІаллакьхилар бахьана долуш.
49 *С* ан бІаьргаш ца совцу доьлхучуьра хІинца,
бІаьрхиш сан охьаоьху, ца совцуш, хаддаза,
50 *с* тигаларчу Везачу Элана,
охьа а хьаьжна, вайн хьал дІагаллалц.
51 *С* ан бІаьргашна гинарг бахьана долуш,
сан гІаларчу йоІаршна гІайгІанехь ву со.
52 *Т* Іаккха, олхазар лоцуш санна, массо агІор хІуъа а дина,
со схьалаца гІиртира сан мостагІий, цхьа а бахьана доцуш.
53 *Т* утмакх санна, со ор чу а кхоьссина,
дийна волчу суна тІе тІулгаш кхиссина.
54 *Т* Іаккха сан коьрте кхаччалц хиш хьаладевлча,
ас элира: «Со хІаллакьхили».
55 *У* р-атталла цу кІоргачу ор чуьра хьала а
Хьан цІе ас ма йохура, сан Веза Эла!
56 « *У* зарш ас дарна, даккхий синош дахарна ма къовлахь Хьайн лерг дІа!» –
аьлла, ас орца даькххича, сан аз Хьуна хезира дІа.
57 *У* ьйр Хьоьца лоьхуш, со Хьайга кхайкхича,
Ахь, суна тІе а хуьлуш: «Ма кхера!» – элира.
58 *Х* ьалдолу ва Эла, сох даьлларг къастийнарг Хьо ма ву,
сан дахар а паргІатоне даькххинарг Хьо ма ву.
59 *Х* ьуна гина, Веза Эла, суна дина вон.
Ахь-Айхьа ехьа сан гІуллакхан кхел.
60 *Х* ьуна го, Веза Эла, церан берриг а бекхамаш.
Церан берриг дагалацамаш суна дуьхьал бу.
61 *Ц* еран ерриг ойланаш суна дуьхьалъевлла,
Хьуна хеза-кх, Веза Эла, цара етта баганаш.
62 *Ц* ара хІора денна суна дуьхьалдаьхна хІилланаш го Хьуна, сан Веза Эла.
Суна дуьхьалбевллачеран къамелаш а хеза-кх Хьуна, сан Веза Эла.
63 *Ц* ара, хьажахьа, Веза Эла,
шаьш хевшинчохь, гІевттинчохь сох белам ма бо.
64 *І* аббалц Ахь бекхам бехьа царна, ва Веза Эла,
цара лелийначу гІуллакхашка хьаьжжина.
65 *І* аьржа дог царна чу Ахь диллахьа,
Хьан неІалт а хуьлийла царна тІехь.
66 *І* анаяй царна тІе Хьайн оьгІазалла, царна Хьо тІаьхьавалахьа,
Везачу Элан стигалшна кІелхьара хІаллак а бай, уьш дІабахахьа!

### Ярушалаймана дина таІзар

4 *А* нгали санна долу деши а ма кхоьлина ду-кх,
и тоьлла долу деши а ма хийцаделла-кх.
Урамашкахула маьІ-маьІІехь дІасакхийсина ду-кх
Делан цІийнан деза тІулгаш а.
2 *Б* еза болу Цийонан кІентий,
цІеначу дешин мехах берш,
кхийрачу пхьегІийн меха а бина,
куьпчичо бинарш санна ма лору.
3 *В* уно къизачу чангІалкхо а накха ло
шен кІорнеш юзорхьама,
ткъа сан халкъана юкъара наной къиза хилла дІахІиттина,
яьссачу аренгахь шен хІоаш дІатосу олхазар санна.
4 *Г* о хІинца декхаш долчу берийн меттанаш
хьогаллина багара стигалх летта хилар.
Кегийчу бераша а бепиг доьху,
амма цхьаммо а ца ло царна иза.
5 *Д* ерстинчу женах шаьш дузош хилларш
хІинца-м мацаллех урамашкахь леш бу.
Хьалха дезачу кІадинах йина бедарш лелийнарш
хІинца-м нехаш кегош лелаш бу.
6 † *Е* ррig Седам-гІалин къиношна динчу таІзарал а тІехдаьлла
Везачу Эло сан халкъан йоІарша хьерчийначу къиношна дина таІзар.
Иза-м цу сохьта хІаллакйина дІаяькххира,
ткъа адамийн куьйгаш цунах хьакха а ца деллера.
7 *З* аманашкахь къобалбина цуьнан элий
лайл а цІена, шурел а кІайн бара.
Церан догІмаш а ма дара цІарула-цІечу басахь.
Церан куц а ма дара жовхІарх тера.
8 *Ж* олам-яІ, хІинца-м кІоранал а Іаьржа ю церан яххьаш.
Урамашкахь цхьанна а бовза а ца бевза уьш.
Церан дегІан чкъор а ма ду даьІахкех а летта,
дечиг санна, дакъа а делла.
9 *И* штта, тур тоьхна байинарш ирсе бу
мацалло байиначарал.
ХІорш меллаша леш ма бу,
ялтин кхачам ца хиларна.
10 †† *К* Іеда дегнаш долуш хилла болчу зударийн куьйгаша а
шайн бераш кхехкадора,
шайна юучунна уьш хилийта,
сан халкъана тІе бохам баийтича.

† *4:6 Доладалар 19:24.* †† *4:10 Карлабаькххинарг 28:57; Яхьазкхиал 5:10.*

11 *Л* атийра Везачу Эло Цийонехь цIе,
иза бухара дуьйна яга а еш.
ОьгIазвахара Веза Эла,
Шен дералла тIехьажийра Цо Цийонна тIе.
12 *М* ассо а адамаш, кху дуьнен чохь дехаш долу,
лаьттара паччахьаш а тешаш бацара,
Ярушалайман кевнашкахула
мостагIа чекхвер ву аьлча.
13 *Н* ийсо лелочеран цIий Iанош болчу
цуьнан пайхамарша мел летийна къинош,
цуьнан динан дайша лелош йолу харцонаш
бахьана долуш и дерриг а хилира.
14 *О* цу урамашкахула, бIаьрзенаш санна,
лелаш бара пайхамарш а, динан дай а.
Ур-атталла церан бедарех хьакхавала а ваьхьар
воцуш,
цIий дара царна тIехь.
15 *П* аргIат мохь хьоькхура царна тIе:
«ДIасахила, Далла хьалха бехделларш! Тхох ма
хьакхало!» – бохуш.
ТIаккха уьш, боха а бухий, дIасабовлура.
Ткъа наха шайна юкъахь олура: «Уьш кхин хир
бац вайна юкъахь».
16 *Р* еза воцуш, Веза Эла цаьргахьара
дIавирзинера.
Цо уьш массанхьа а дIасакхиссинера.
Наха шайн динан дайн кхин ларам ца бира,
шайн къаношка церан къинхетам ца хилира.
17 *С* ирла бIаьргаш гIелделла-кх тхан,
гIо кхачаре эрна ла а дегIна.
Тхо кIелхьара ца дахалуш долчу халкъе
ха дечу бIов тIера тхо эрна охьахьийжира.
18 *Т* къа мостагIаша-м тхан лараш толлура,
тхо тхешан урамашкахула ца лелийтархьама.
ТIееа тхан тIаьххьара зама, тхан тIаьххьара денош
а тIедаьхки,
тIекхечи тхан тIаьххьара сахьт а.
19 *У* ьш, тхуна тIаьхьабевлларш,
стигаларчу аьрзунел а чехка бара.
Лаьмнашкахула тхуна уьш тIаьхьабевлира,
яьссачу аренгахь тхуна цара кIело а йира.
20 « *Х* алкъашна юкъахь дехар ду вай
цуьнан IиндагIехь» – оха аьлла верг,
тхан дахаран са долу, Везачу Эло къобалвинарг,
мостагIийн гуро а лаьцна, ор чу хаийна.
21 *Ц* хьаьна а кхетий, хазахетарца самукъадаккха
хьайна
IуцIа-махкахь дехаш долу Эдоман халкъ!
Амма хаалахь, и къаьхьа кад хьуна а тIекхочур
буйла,
тIаккха, даха а дехна, хьо а дерзинадер дуйла.
22 *I* есаллина дина таIзар чекхдели хьан, Цийонан
йоI,
кхидIа йийсарехь Цо хьо юьтур яц.
Ткъа ахьа харцонаш ярна, Цо дийр ду таIзар,
Эдоман йоI,
Цо гучудохур ду ахьа летош долу къинош.

### Нах Везачу Элехьа берзоран доIа

5 Веза Эла, тхуна хилларг дага а лаций,
тхоьгахьа а верзий, хьажахьа тхан
юьхьIаьржачу хIиттаре.
2 Тхан хIусамаш а кхечу махкарчу нехан
караяхана.
Тхан долахь мел хилларг а хийрачу нехан
каракхаьчна.
3 Да а воцуш, байлахь дисна тхо.
Наной а бу тхан, бисина Iаш болу зударий санна.
4 Тхешан долу хи а детих эца деза тхан.
Тхешан долу дечиг а ахчанах бен ца кхочу тхуна.
5 Тхуна тIаьхьабевлларш тхан коча баьхкина.
Ткъа тхо гIел а делла, синтем а бац тхан.
6 Бепигах дузархьама, мисархошца барт бира оха,
дийна дисийтархьама, ашурхошка бертан куьг
дIакховдийра оха.
7 Тхан дайша къинош летадора. Уьш хIинца бан а
бац.
Ткъа уьш Делан лаамехь ца леларна, тхо таIзар
токхуш ду.
8 Тхан мостагIчун леша олалла до тхуна тIехь,
цхьа а вац церан карара тхо кIелхьардаха.
9 Яьссачу арахь тхаьшна тIе айина тур долу дела,
даларна а кхоьруш, сискал йоккху оха.
10 Луьра хIоьттинчу мацаллина, дагар а деана,
дIахIоьтти тхан чкъор, цIе санна хилла.
11 Тхан зударий а хьийзабо мостагIаша Цийонехь.
Тхан мехкарий а хьийзабо цара ЯхIуд-мехкан
гIаланашкахь.
12 Тхан элий а мостагIаша ирхъоьхкина,
тхан къаной а хIинца ларам боцуш бу.
13 Къоначаьрга а цара хьеран тIулгаца ялта
охьуьйту.
Ткъа дечиган мохь беза хиларна, кегий нах
охьаоьгу.
14 Къаной а ма бац хIинца гIалин кевнашкахь
охьаховшуш.
Кегий нах а ма бац шайн зурманаш лоькхуш.
15 Тхан дегнийн хазахетар а дIадаьлла хIинца.
Тхан халхарш а белхаре дирзина хIинца.
16 Тхан кортош тIера таьжнаш а охьаэгна.
Оха къинош летадарна, тхо Iазапехь ду!
17 Цундела тхан дегнаш а ду доьлхуш.
Цундела тхан бIаьргаш а ду гIелделла.
18 Цийон-лам бассабаларна,
чангIалкхаш ю цу тIехула лелаш.
19 Ткъа Хьо, Веза Эла, даим а олалла деш ву.
Хьан *Iарш* тIаьхьенера тIаьхьенгахь лаьтташ ду.
20 Кхоччуш диц хIунда дина те Ахь тхо?
Еххачу ханна тхо дIа хIунда теси те Ахьа?
21 Дерзадехьа тхо Хьайгахьа, Веза Эла, оха чIогIа
доьху Хьоьга!
Карла а дахий, дIахIиттадехьа тхан денош, Айхьа
хьалха уьш дIахIиттош ма-хиллара.
22 Гуттаренна а дIатесна-м хир ма дац Ахь тхо?
Доза доцуш оьгIазвахна-м ма вац Хьо тхуна?

# Яхьазкхиал

### Дешхьалхе

Яхьазкхиал-пайхамар Бавел-махкахь йийсарехь вара Ярушалайм-гIала йожале хьалха а, йоьжначул тIаьхьа а (иза дара 586-чу шарахь Дала леррина Къобалвинарг дуьнен чу валале). Цо бо хаамаш Бавел-махкахь йийсарехь болчарна а, Ярушалайм-гIалахь Iаш болчарна а лерина бара.
коьртачу ялх декъе декъа тарло: 1) Дала Яхьазкхиале, пайхамар хила аьлла, схьакхайкхар (1–3 кортош); 2) нахе Дала царна тIехь кхел йийриг хиларх а, Ярушалайм-гIала южург хиларх а, иза йохийна хирг хиларх а дIахьедар дар (4–24 кортош); 3) Шен халкъана тIехь гIело йинчу а, иза Iехийнчу а къаьмнашна Ша кхел йийриг хиларх лаьцна Везачу Элера болу хаамаш (25–32 кортош); 4) Ярушалайм-гIала йоьжначул тIаьхьа Исраилан халкъана синтем богIург хиларх а, хиндерг сов дика хиларх а йина чIагIо (33–37 кортош); 5) ГIогI-элана дуьхьал бина Делера болу хаам (38–39 кортош); 6) Делан цIа а, халкъ а юхаметтахIотторах лаьцна долу Яхьазкхиална хьалха дIахIоьттина сурт (40–48 кортош).
Яхьазкхиал кIоргге тешар долуш а, боккха кхетам болуш а волу стаг вара. Шена хьалха хIиттинчу суьрташкахула иза дика кхетара, ткъа нахана лерина болу а, Делера болу а шен хаамех дукххаберш цо билгалонаш санна долчу гIуллакхашкахула бора. Адаман дог а, са а кийрахь карладаккха дезаран а, хIора стаг ша летийнчу къиношна жоп дала дезаш хиларан а чIогIа тидам бо Яхьазкхиала. Цо иштта хоуьйту, къоман дахар карладаккхаре шен сатийсар хилар. Яхьазкхиал пайхамар хилла ца Iара. Иза динан да а вара. Цундела Делан цIийнан а, адаман цIена дахар хиларан а цо къаьсттина гIайгIа бора.

### Делан Iарш

1 †Халкъан цхьа дакъа Бавеле дIадигначул
тIаьхьа, ткъе ульталгIачу шеран боьалгIачу
беттан пхоьалгIачу дийнахь, со Кабар-хина уллохь
ЯхIуд-махкара йийсаре дIабигначарна юкъахь а
волуш, стигалш дIаса а еллаелла, суна Делера долу
суьрташ хIиттира. 2 ††Оццу беттан пхоьалгIачу
дийнахь (иза дара ЯхIу-Яхин-паччахь йийсаре
вигначу пхоьалгIачу шарахь), 3 соьга, *динан да*
волчу Бузин кIанте Яхьазкхиале, Везачу Элан дош
кхечира, со хашадхойн махкахь ‡ Кабар-хина
уллохь волуш. Цигахь суна тIе Везачу Элан ницкъ
боьссира.
4 Суна, Яхьазкхиална, гира къилбаседехьара
схьахьоькхуш долу дарц. Йоккха марха яра гуш,
цунна юккъера стелахаьштигаш а лепаш, ткъа
цунна гонах къегаш серлаюьйлуш яра. Мархина
юккъехь, стелахаьштигаш долчохь, лепаш цIаста
санна йолу хIума яра. 5 ‡†Дарцана юкъахь диъ
дийнат санна хIума яра. ДIахьаьжча, церан кеп
адамийн сибатах тера яра. 6 Делахь а цу хIораннан
а йиъ юьхь а яра, биъ тIам а бара. 7 Церан когаш
нийса бара, ткъа коган кIело аьттан берг санна яра,
цIандина цIаста санна къегаш а яра. 8 Церан еа а
агIонашкахь долчу тIемашна кIелахь адамийн
куьйгаш дара. 9 Деа дийнатан яххьаш а, тIемаш а
дара. Церан тIемаш вовшех дозуш дара. Шаьш
дIадуьйлалучу хенахь уьш, дIаса а ца доьрзуш,
муьлххачу а агIор дIадахалора.
10 ‡‡Церан хIораннан а хьалхара юьхь – адаман
юьхь яра, аьтто агIорниг – лоьман юьхь яра, аьрру
агIор – стеран юьхь яра, ткъа хIораннан а тIехьара
юьхь аьрзунан юьхь яра. 11 Церан шишша тIам ‡‡†
царна тIехула дIасабаржийна бара. ХIораннан а
шишша тIам вукхуьнан тIемех хьакхалуш бара.
ХIораннан а иштта кхин а шишша тIам бара,
цаьрца шайн догIмаш къайладохура цара. 12 Уьш
хIорра муьлххачу а агIор дIадахалора. Шайн са
дIагIертачу агIор доьлхура уьш, доьлхучу хенахь
дIаса а ца доьрзуш.
13 ‡‡‡Дийнатийн сибат, догуш долу кIегий санна,
къегаш дара, хаьштигех тера а дара. Цу
дийнаташна юкъахь лелаш цIе яра, иза, ткъес
санна, серло етташ яра. 14 Ткъес санна, сиха
дIасалелаш дара и дийнаташ.
15 §Цу дийнаташка хьаьжча, суна гира царна
уллохь латтах кхеташ йолу йиъ чкъург, церан еа

† 1:1 *Довзийтинарг 19:11.* †† 1:2 *ТIаьххьарнаш 24:10-16; 2 Шерашкахь 36:9, 10.* ‡ *Хашадхойн мохк *– иза Бавел-мохк бу.** ‡† 1:5 *Довзийтинарг 4:6.* ‡‡ 1:10 *Яхьазкхиал 10:14; Довзийтинарг 4:7.* ‡‡† *Церан шишша тIам *– иштта ду цхьадолчу ширачу гочдарш тIехь. Iебархойн тептар тIехь: *Церан яххьаш а, церан тIемаш а.** ‡‡‡ 1:13 *Довзийтинарг 4:5.* § 1:15-21 *Яхьазкхиал 10:9-13.*

агIонна уллохь. 16 ХIора чкъурган сибат цхьатерра
дара. Уьш, хризолит олучу безачу тIулгех йича
санна, лепаш яра, ткъа цхьа чкъург кхечу
чкъургана чохь йолуш санна хеталора. 17 И
чкъургаш дIайоьлхучу хенахь дийнаташна хьалха
йолчу муьлхха а еа агIонгахьа дIайигалора цаьрга.
Чкъургаш дIаса а ца йоьрзуш, дийнаташ нийсса
дIадоьлхура. 18 [†]Ткъа цу чкъургийн гонаш инзаре
лекха дара – уьш массо а бIаьргех дуьззина дара.
19 И дийнаташ дIадоьлхучу хенахь царна уллора
чкъургаш а дIаоьхура, ткъа нагахь уьш
хьалаайаелча, и чкъургаш а цаьрца цхьаьна
хьалаайалора. 20 Дийнаташ шайн сино дIаюьгучу
метте дIадоьлхура, уьш дахначу метте и чкъургаш
а дIайоьлхура цаьрца нийсса, хIунда аьлча цу
дийнатийн са цу чкъургаш чохь дара. 21 И
дийнаташ дIадоьлхучу хенахь, чкъургаш а
дIайоьлхура, уьш сецча – совцура, уьш лаьтта
тIехула хьалаайаделча, цаьрца нийсса
хьалаайалора чкъургаш а, хIунда аьлча цу
дийнатийн са цу чкъургаш чохь дара.

22 [††]Церан кортош тIехула нартол санна йолу хIума
яра, ша санна цIена исбаьхьа лепаш а йолуш. 23 Цу
нартол бухахь дIасадахийтина церан тIемаш дара,
хIораннан а тIам вукхуьнан тIомах кхеташ. Ши тIам
царна тIехула дIабоьдуш бара, ткъа вукху шина
тIомо церан дегI дIахьулдора. 24 [‡]Уьш дIадоьлхучу
хенахь суна церан тIемийн гIовгIа хезара. Церан
тIемаша, дIадоьдуш долчу доккхачу хино санна,
гIовгIа йоккхура. И гIовгIа Ницкъболчун аз санна, я
эскаран гIовгIа санна хеталора. И дийнаташ
дIадоьлхучуьра совццушехь, тIемаш церан
агIонашна тIедуьжура. 25 Цу дийнаташа, саца а
сецна, шайн тIемаш охьадахийтича, церан
кортошна тIехуларчу нартолна тIехулара аз
схьахезара.

26 [‡†]Церан кортошна тIехуларчу нартолна тIехула
саппир олучу безачу тIулгах йинчу *Iаршах* тера
хIума яра. Цу тIехь адаман сибатехь волу цхьаъ Iаш
волуш санна хетара. 27 [‡‡]Суна гира гIодаюкъара
дуьйна хьала, шена чуьра схьайолу цIеран алу
санна, иза лепачу цIастанах тера хилар. Ткъа
гIодаюкъана охьа а цIе летта лепаш санна йолу
хIума гира суна. 28 ДогIа догIучу хенахь мархашна
юккъера схьакхетта стелаIад санна, серло яра
цунна гонах йогуш.

2 Иштта дара суна хIоьттина долу Везачу Элан
сийлаллин сурт.

### Дала Яхьазкхиале пайхамар хила схьакхайкхар

Сайна иза гича, голаш тIе лаьтта охьа а воьжна,
сайн юьхь лаьтта улло кхаччалц охьатаIийра аса.
Суна Вистхуьлучун аз хезира. Цо соьга элира:
«Адаман кIант! ХьалахIотта хьайн когаш тIе, Со
хьоьга вистхила воллу». 2 Соьга Иза вистхуьлучу
хенахь, суна чу Делан Са а деана, Цо со сайн когаш
тIе ирахIоттийра. Къамел Деш Верг хезира суна.
3 Цо соьга элира: «Адаман кIант! Ас хьо Исраилан
халкъ долчу вохуьйту. Цу аьрхачу халкъо Суна букъ
берзийна. Таханлерчу денна тIекхаччалц уьш а,
церан дай а, Суна дуьхьал а буьйлуш, лелаш бу.
4 Уьш чIогIа аьрха а, къиза а дегнаш долуш бу. Ас
уьш болчу вохуьйту хьо. Ахьа цаьрга дIаала деза:
„Иштта боху Хьалдолчу Дала!“ 5 Иза чIогIа
духахьара тайпа ма ду. Амма цара хьоьга ладогIахь
а, я ла ца догIахь а, шайна юкъахь пайхамар вехаш
хилар хоийла царна.

6 Амма хьо, адаман кIант, царах ма кхера. Хьо
исттачу церан къамелах а ма кхера. Кхера ма
кхера, хьуна гонах уьш кIохцалш а, коканан
коьллаш а санна белахь а, сту лоцучу гезгашна
юкъахь Iаш санна хьо хилахь а. Церан къамелех а,
царах а ма кхера, уьш духахьарчу тайпанах белахь
а. 7 Ас бохург цаьрга дIаала, цара ладогIахь а, ла ца
догIахь а. Уьш аьрха нах ма бу.

8 Ткъа ахьа, адаман кIант, Ас хьайга бохучуьнга
ладогIа, уьш санна, аьрха а ма хила. Хьайн бага а
гIаттаяй, Ас хьайна лун долу дешнаш дIадаа».
9 [‡‡†]ТIаккха суна сайга схьакховдийна долу куьг
гира, цу куьйгахь хьарчийна тептар дара. 10 Цо и
тептар суна хьалха схьадаьстира: оцу тептаран
шинна а агIонна тIехь тийжарийн а, белхарийн а,
узарийн а дешнаш дара яздина.

3 [‡‡‡]Цо соьга элира: «Адаман кIант! Хьайна
хьалхара гуш дерг дIадаа, дIадаа и хьарчийна
тептар. Цул тIаьхьа, ваха а гIой, Исраилан халкъе
вистхила».

2 ТIаккха Аса сайн бага гIаттийра, Цо соьга и
тептар дIадаийтира. 3 ТIаккха Цо соьга элира:
«Адаман кIант! Хьайн кийра Ас хьайга дIалучу
хIокху тептарх буза, иза дIа а кхаллий». И тептар
аса дIакхаьллира, тIаккха сан бага, моз кхаьллича
санна, марзъелла дIахIоьттира.

4 Цо соьга элира: «Адаман кIант! Исраилан халкъ
долчу а гIой, цаьрца Сан дешнашца къамел де.
5 Аса хьо хьуна хууш боцу а, хийра а мотт
буьйцучарна тIе ца вохуьйту, амма Исраилан халкъ
долчу вохуьйту. 6 Аса хьо ца вохуьйту, хьуна ца
бевза хала мотт буьйцучу дуккха а долчу
къаьмнашна тIе. Уьш болчу а вахана, цаьрга хьо
вистхилча, цара хьоьга ладугIур дара. 7 Ткъа
Исраилан халкъо хьоьга ладугIур дац, хIунда аьлча
цунна Соьга ладогIа а ца лаьа. Дерриг а Исраилан
халкъ атта къар ца луш а, чIогIа дегнаш долуш а ду.
8 Амма Аса хьо, уьш санна къар ца луш а, чIогIа дог
долуш а вина, дIахIоттор ву. 9 Алмаз тIулгал а чIогIа
ду, иштта чIогIа хир бу хьан корта а. Хьо царал а
къар ца луш хир ву. Царах кхера а ма кхера, ийза а
ма ло, иза юхахьадаьлла халкъ делахь а».

10 Цо соьга кхидIа а элира: «Адаман кIант! Ас
хьайга мел олу дош хьайн дагца тIеэца, хьайн

† *1:18 Довзийтинарг 4:8.* †† *1:22 Довзийтинарг 4:6.* ‡ *1:24 Довзийтинарг 1:4-15; 19:6.* ‡† *1:26 Яхьазкхиал 10:1; Довзийтинарг 4:2, 3.* ‡‡ *1:27 Яхьазкхиал 8:2.*

‡‡† *2:9, 10 Довзийтинарг 5:1.* ‡‡‡ *3:1-3 Довзийтинарг 10:9, 10.*

лергашца дIа а лаца. 11 Бавел-махка йийсаре
дIабигначу хьайн къомах берш болчу а гIой, цара
хьоьга ладогIахь а, ла ца догIахь а, цаьрга дIаала:
„Иштта боху Хьалдолчу Дала!“»
12 ТIаккха со Делан Сино хьалаайира. Сайн букъ
тIехьа суна чIогIачу гIовгIанан аз хезира. Оцу озо
олура: «Ша Iаш волчу меттехь Везачу Элан
сийлаллина хастам хуьлда!» 13 Суна иштта
дийнатийн тIемаш вовшахъхьекхалуш а хезира,
царна уллорачу чкъургаша еш йолу гIовгIа а
хезира. Иза стигал къекъарх тера яра. 14 Делан
Сино со, хьала а айина, дIаваьхьира. Догдоьхна, са
карзахдаьлла вара со. Везачу Элан куьг дара суна
тIехь чIоггIа лаьтташ. 15 Тал-Авивехь Кабар-хина
уллохь Iаш болу йийсарехь берш болчу вахара со.
ВорхI дийнахь Iийра со цигахь, царна юкъахь,
чIогIа догдоьхна а волуш.

### Везачу Эло Яхьазкхиалх гIаролхо вар
(Яхьазкхиал 33:1-9)

16 ВорхI де дIадаьлча, соьга Везачу Элан дош
кхечира: 17 «Адаман кIант! Ас Исраилан халкъан
гIаролхо вина хьох. Соьгара болу хаам хьайна
мосазза хези, Сан цIарах цаьрга дIахьедар дан деза
ахьа. 18 Ас зуламхочуьнга: „Хьо лийр ву!“ алахь,
ахьа цуьнга иза дIаала деза, цу стаге, харц некъа
тIера дIавала аьлла, дIахьедан а деза, цуьнга шен
са кIелхьардаккхийтархьама. Ахьа иза ца дахь, и
стаг шен къинош бахьана долуш лийр ву, ткъа
цуьнан цIийх Аса хьоьгара жоп доьхур ду. 19 Амма
ахьа цуьнга дIахьедар динчул тIаьхьа иза къинош
леточуьра ца сацахь, иза шен къинош бахьана
долуш лийр ву, ткъа ахьа хьайн дахар
кIелхьардоккхур ду.
20 Нагахь санна бакъахьа леларг, шен нийсачу
некъа тIера а ваьлла, харцдерг лело волалахь, Аса
цунна новкъарло а йийр ю, иза лийр а ву. Иза шен
къинош бахьана долуш лийр ву, ахьа цуьнга
дIахьедар ца дина дела. Цо дина бакъахьара
гIуллакхаш Суна дагадогIур дац, ткъа цуьнан цIийх
Ас хьоьга жоп доьхур ду. 21 Нагахь ахьа бакъахьа
лелачуьнга, къинош ма летаде аьлла, дIахьедахь,
ткъа цо къинош а ца летадахь, иза билггал дийна
вуьсур ву, хIунда аьлча цо тидам бира шега динчу
дIахьедарх. Ткъа хьо хьайн са кIелхьардаьккхина
хир ву».

### Яхьазкхиал вистхилалур вац

22 Цул тIаьхьа суна тIе Везачу Элан ницкъ
боьссира, Цо соьга элира: «Хьала а гIаттий, аренга
дIагIо, цигахь Со вист хир ву хьоьга».
23 Хьала а гIаьттина, со аренга дIавахара. Цигахь
лаьтташ Везачу Элан сийлалла дара, суна Кабар-
хина уллохь гинарг санна долу. ТIаккха со сайн
юьхь лаьтта тIе кхачош охьавуьйжира. 24 ТIаккха,
суна чу Делан Са а доьссина, Цо со когаш тIе
ирахIоттийра. ТIаккха Иза соьга вистхилира:
«Хьайн цIа а гIой, цу чохь дIакъовлало. 25 Хьо,
адаман кIант, машшашца дIа а воьхкур ву, хьо
нахана юкъахь ца лелавалийтархьама. 26 Ас хьан
мотт хьан къамкъаргах дIалатор бу, хьо вист ца
хилавалийтархьама а, хьоьга и нах дIа ца
хьебайтархьама а, хIунда аьлча иза аьрха халкъ ду.
27 Цул тIаьхьа, Ас хьоьца кхидIа а къамел дича,
хьан бага хьалагIатталур ю, хьан цаьрга ала йиш
хир ю: „Хьалдолчу Дала иштта боху!“ ЛадогIа луучо
ладогIа, ладогIа ца лууч ола ма догIа, хIунда аьлча
иза аьрха халкъ ду».

### Ярушалайм-гIалина го беш гайтар

4 «Адаман кIант, кибарчиг схьа а эций, иза
хьайна хьалха дIахIоттае, ткъа цунна тIехь
Ярушалайм-гIалин сурт дилла. 2 ТIаккха гIалина го
лаца: иза схьаяккхархьама тIеман гIирс а
дIахIоттабе, лаьттан гунаш а де, меттаметтанаш а
де, царна гонах кевнаш дохош долу бIогIамаш а
хIиттаде. 3 Цул тIаьхьа бепиг дотту аьчка у схьа а
эций, хьайний, цу гIалиний юккъе дIахIоттаде. Цу
гIалина тIе а верзий, цунна го а бай, иза схьаяккха
хьажа. Иза Исраилан халкъана билгало хир ю.
4 Юха ахьа, аьрру агIор охьа а вижий, Исраилан
халкъан къинош хьайна тIеэца. Хьо цу аьрру
агIонна тIехь мел Iуьллу, оццул ханна и къинош
хьуна тIехь хир ду. 5 Аса хьуна тIехь и къинош хила
деза денош, цхьа де цхьана шарца а нисдеш,
терахь хIоттийна. Кхо бIе дезткъе итт дийнахь хир
ду хьуна тIехь Исраилан халкъан къинош. 6 Иза хьо
дина ваьллачул тIаьхьа, аьтту агIор а верзий,
шовзткъа дийнахь Iилла. Цу деношкахь ахьа
ЯхIудан халкъан къинош хьайна тIеоьцу, цхьа де
цхьана шарца а нисдеш: оццул хан ю Ас хьуна
билгалъяьккхинарг.
7 Хьайн бIаьргаш го лаьцначу Ярушалаймана тIе
а хьажабай, берзинчу пхьаьрсаца цунна дуьхьал
Делера болу хаамаш бе. 8 Ткъа хIинца хьажал, Ас
хьо машшашца дIавоьхкур ву, хьо цхьана агIора
вукху агIор верза йиш йолуш вац, ахьа гIалина го
бина долу денош чекхдовллалц.
9 Хьайна кIа а, мукх а, кхоьш а, хьозийн кхоьш а,
Iов а схьа а эций, уьш цхьана пхьегIи чу а йохкий,
царах дама даккха. Цу демах хьайна баьпкаш де,
хIора хьайн цигахь аьрру агIор Iилла везачу
дийнан цIарах цхьацца бепиг а деш. Ахьа уьш кхаа
бIе дезткъе итт дийнахь даа деза. 10 Ахьа хIора
дийнахь юуш йолчу хIуманан барам ткъа шекхал †
хила еза. Иза дийнан дохаллехь шен-шен барамехь
яа еза. 11 Дийнахь сарралц кхо кад хи мала йиш ю
хьан, билгалъяьхначу хенашкахь а молуш.
12 Адамах дIакъаьстинчу якъаеллачу боьхаллашна
тIехь датта а доттуш, хьайн кхача, мекхан демах
бина хьоккхам санна, баа беза ахьа, адамашна дIа а
гойтуш».
13 Цул тIаьхьа Везачу Эло элира: «Оцу хIумано
гойтур ду, Исраилан халкъо хьарам кхача муха боу,

† *Шекхал *– цхьа шекхал итт грамм барамал яра.**

Ас, шаьш цIера ара а даьхна, кхин къаьмнаш долчу
дIалаьхкича».
14 ТIаккха аса элира: «Ва Хьалдолу Дела! Ас цкъа а
ца йиъна Хьуна боьха хеташ йолу хIума, ас иштта
цкъа а ца диъна урс хьаккхаза долчу я акхароша
дийначу бежанан жижиг. Сан багахула, со жима
волчу хенахь дуьйна хIокху хене кхаччалц, хьарам
кхача чекх ца баьлла».
15 ТIаккха Везачу Эло соьга элира: «Дика ду, Ас
пурба лур ду хьуна адамийн боьхаллийн метта
бежанийн кхо даго, хьайна кхача бечу хенахь».
16 Цул тIаьхьа Цо элира: «Адаман кIант! Ас
Ярушалаймехь болу кхача берриг а чекхбаьккхина
хуьлуьйтур бу. Шаьш буьстина бууш болу кхача
наха кхерамца буур бу. Ткъа шаьш дуьстина молуш
долу хи цара шайн доьхначу дагца мер ду, 17 хIунда
аьлча цигахь адамашна даъал бепиг а, маллал хи а
хир дац. Уьш инзарбевлла вовшашка хьоьжур а бу,
уьш телхар а бу. Иза хир ду церан къинош бахьана
долуш».

### Яхьазкхиала шен корта башар

5 «Ткъа ахьа, адаман кIант, ира шаьлта схьа а
эций, цуьнца, маж йошучун уьрсаца санна,
хьайн маж а, коьртара месаш а дIаяша. Терза схьа
а эций, и месаш кхаа декъе екъа. 2 Цу месех
кхозлагIа долу дакъа, гIалина го бина долу денош
чекхдевлча, айхьа динчу гIалин суьртана юккъе
охьа а диллий, дагаде. Важа дакъа гIалина гонах
шаьлтанца хедадай, охьадилла. Месийн тIаьххьара
дакъа мохехь дIасадаржаде, ткъа Со хьалаайинчу
туьраца цунна тIаьхьавер ву. 3 Ткъа ахьа, ваха а
гIой, цу месех долу жима дакъа схьа а эций, хьайн
бедаран дуьхах дIадехка. 4 Хьайн бедарх
дIайихкинчу месех жимма месаш схьа а эций, уьш
цIерга кхийса, цигахь ягийтархьама. Оцу декъара
яьлла цIе дIасаяржор ю Исраилан массо а халкъана
тIекхаччалц».
5 Цул тIаьхьа Хьалдолчу Эло элира: «ХIара ю
Ярушалайм-гIала. Мехкаш гонах а долуш, иза кхечу
къаьмнашна юккъе дIахIоттийра Аса. 6 Ур-атталла
кхечу къаьмнел а, гонах мел долчу халкъел а
Ярушалайман бахархой Сан тIедехкинаршна, Сан
парзашна а дуьхьалбевллера. Сан тIедехкинарш
цара дIатеттира, ткъа Сан парзаш лар ца дора
цара». 7 Цундела Хьалдолчу Эло иштта боху: «Кхечу
къаьмнел а чIогIа аьрха хиларна а, Сан парзаш лар
ца дарна а, Сан тIедехкинарш кхочуш ца дарна а,
ур-атталла шуна гонах долчу халкъаша тIелаьцна
бакъонаш лар ца ярна а, 8 Хьалдолу Эла волчу Аса
боху: „ХIинца Со шуна дуьхьалваьлла. Кхечу
къаьмнашна хьалха Ас шуна тIехь кхел йийр ю.
9 Аса шуна тIехь Айса цхьанна а тIехь ца динарг а, я
цхьанна а тIехь кхин цкъа а дийр доцург а дийр ду,
аша мел дина дегаза гIуллакхаш бахьана долуш.
10 †Иштта, мацалла хIоьттинчу хенахь дайша шайн
бераш дуур ду, ткъа бераша шайн дай буур бу. Ас
йийр ю шуна тIехь кхел, ткъа бисинарш массо а
маьIIехула дIасалохкур бу“.
11 Иштта дийна волчу Сайх чIагIо йо Хьалдолу Эла
волчу Аса, шайн боьхачу цIушца а, шаьш мел
лелийначу дегазчу гIуллакхашца а аша Сан еза
Меттиг сийсазъяккхарна, Аса Сайх дIахадор ду шу.
Со шуьга къинхетам боцуш хьожур ву, шу кхоа а ца
деш. 12 Хьан бахархойх цхьа дакъа, Ярушалайм-
гIала, Iожаллин ун а, мацалла а бахьана долуш
лийр ду хьуна чохь, шолгIа долу дакъа мостагIийн
туьро хIаллакдийр ду хьуна гонах, ткъа кхоалгIа
долу дакъа Аса массо а маьIIе дIасадаржор ду,
церан лорах карахь тарраш долу мостагIий а
бохуьйтур бу.
13 ТIаккха, Сан оьгIазалла чекхъяьлча а, Сан
дералла царна тIехь йисча а, Со Iебар ву. Царна
тIехь йолу Сан моха чекхъяьлча, царна хуур ду Со –
Сайн эмгараллехь вийцина волу Веза Эла хилар.
14 Ярушалайм, Ас хьох къапалг йийр ю. Гонах долчу
кхечу къаьмнашна хьалха хьо юьхьIаьржачу
хIуттур ю, ткъа хIора хьуна тIехволург хьох
кхаьрдар ву.
15 Сайн оьгIазаллехь а, дераллехь а хьуна тIехь,
кхел а йина, таIзар дича, хьох эхье хIума хир ю,
хьох кхаьрдар а бу, гонах мел долчу халкъашна хьо
дIахьединарг я масална ялош ерг санна хир ю.
Иштта боху Веза Эла волчу Аса. 16 Ас шуна тIе
мацаллин къиза пхерчий лохкур ду, шу
хIаллакдархьама. Аса шуна тIехь йолу мацалла
совйоккхур ю, ткъа шун кхачанан бух Ас
хIаллакбийр бу. 17 ††Шуна тIе мацалла а, къиза
акхарой а хьажор ю Аса. Цара шун бераш
хIаллакдийр ду. ГIалахь Iожаллин ун а, баларш а
хир ду, иштта Аса шуна тIе тIом хьажор бу. Иштта
боху Веза Эла волчу Аса».

### ЦIушна Iибадат дарна дуьхьал хилар

6 Соьга юха а Везачу Элан дош кхечира:
2 «Адаман кIант! Исраил-махкарчу лаьмнашна
дуьхьал вистхилий, Делера болу хаам бе цаьрга.
3 Цаьрга ала: „Исраил-махкара лаьмнаш! ЛадогIа
Хьалдолчу Элера долчу даше. Лаьмнашка а,
гунашка а, боьранашка а, тогIешка а Хьалдолчу
Эло боху: Шуна тIе тур хьажор ду, шун сагIа доккху
гунаш дохорхьама. 4 Шун сагIа доккху меттигаш
яссийна хир ю, ткъа *хаза хьожа йогIу хIума* яго
меттигаш хIаллакйина хир ю. Байъиначеран
декъий Ас шун цIушна хьалха охьакхуьссур ду.
5 Исраилхойн декъий Ас церан цIушна хьалха
охьадохкур ду, ткъа шун даьIахкаш шун сагIа
доккхучу меттигашна гонах охьакхуьссур ю. 6 Шу
дехаш йолу массо а гIала яссийна хир ю, шун сагIа
доккху гунаш дохор ду, иштта шун сагIа доккху
меттигаш яссийна а, йохийна а хир ю, шун цIуш
кегбина а, хIаллакбина а хир бу, хаза хьожа йогIу
хIума яго меттигаш кегйина хир ю, аша шайн
куьйга мел йинарг дIаяьккхина хир ю. 7 Халкъах

† *5:10 Тийжамаш 4:10.*

†† *5:17 Довзийтинарг 6:8.*

дукхахберш байъина охьаэгор бу, ткъа бисинчарна
хуур ду, Со Веза Эла вуйла.
8 Амма шух цхьаберш кхечу къаьмнашца бечу
тIамах кIелхьарбовлуьйтур бу Аса, ткъа уьш
хийрачу мехкашкахула дIасабаржийна хир бу.
9 Шух дийна бисинчарна, халкъашна юкъахь
йийсарехь Iаш болчу хенахь, Со дагавогIур ву.
Шайн тешаме доцучу дегнашца Сох дIадовларна а,
церан бIаьргашца цIушна тIаьхьахIиттарна а Суна
халахетта хиларх кхетар бу уьш. Иштта, церан
шаьш-шайх дог дер ду, шаьш лелийна вон
хIуманаш а, шаьш мел дина дегаза гIуллакхаш а
бахьана долуш. 10 Царна хуур ду, Со Веза Эла вуйла
а, Айса царна бохам боккхур бу Аса эрна аьлла
доцийла а“».
11 Цул тIаьхьа Хьалдолчу Эло соьга элира:
«Куьйгаш вовшах а детташ, когаш а бетташ, дIаала:
„Жолам-яI!“, исраилхоша лелийна долчу дерриг а
вочу а, дегазчу а гIуллакхашна. Уьш тур а, мацалла
а, Iожаллин ун а бахьана долуш хIаллакьхир ма бу.
12 Генахь верг Iожаллин ун бахьана долуш лийр ву,
уллохь верг туьро вуьйр ву, ткъа дийна бисинарш
мацаллех лийр бу. Иштта охьайоссор ю Аса царна
тIе Сайн оьгIазалла. 13 ТIаккха хуур ду шуна, Со Веза
Эла вуйла, хIаллакбина болу уьш шайн цIушна
юкъахь а, шайн сагIа доккхучу меттигашна гонах а,
иштта дерриг а гунашна тIехь а, лаьмнийн
баххьашна тIехь а, хIора тIехь гIа долчу дитта кIел
а, иштта шен гаьннаш дIаса дахийтинчу ножан
диттана кIел а – шаьш хаза хьожа йогIу хIуманаш
цIушна лерина ягийначу массо а меттехь – шаьш
Iохкучу хенахь. 14 Сайн ницкъ царна тIе а берзийна,
къилбехьа йолчу яьссачу аренна тIера дуьйна
къилбаседехь йолчу Дабила-гIалина тIекхаччалц
Ас дассийна дIахIоттор ду уьш бехаш болу дерриг а
латта. ТIаккха хуур ду царна, Со Веза Эла вуйла».

### Исраилан халкъана чаккхе тIекхачар

7 ТIаккха со волчу Везачу Элан дош кхечира:
2 «ХIинца, адаман кIант, хIара бу хьуна
Хьалдолу Эла волчу Соьгара Исраил-мехкан
халкъана лерина болу хаам: тIекхаьчна чаккхе.
Берриг а мехкан еа а маьIIе кхаччалц тIекхаьчна
чаккхе.
3 Исраилхой, шуна чаккхе тIекхаьчна. Сайн
оьгIазалла охьаIанор ю ас шуна тIе. Ас кхел йийр ю
шуна, аша лелийначу дерриг а вонашка
хьаьжжина, ткъа Ас бекхам бийр бу шуна, аша мел
лелийначу дегазчу гIуллакхашка хьаьжжина. 4 Ас
къинхетам бийр бац шух, кхоор дац шу. Аша
лелийначунна а, шун дегазчу гIуллакхашна а
бекхам бийр бу Аса. ТIаккха хуур ду шуна, Со Веза
Эла вуйла».
5 Иштта боху Хьалдолчу Эло: «Бохамна
тIаьхьахIоьттина богIуш бохам бу! 6 ТIекхочуш ю
чаккхе! Улло кхаьчна чаккхе. Иза кестта шу долчохь
хир ю. Иза хIинцале а тIекхаьчна. 7 Исраил-махкахь
Iаш берш, бохаман рагI шуна тIекхаьчна. Дог
доьхначеран зама тIекхаьчна, уллохь ду
лаьмнашкахь синкъераман гIовгIа ца хеза де.
8 Кестта Аса шуна тIе охьаIанор ю Сайн дералла,
ткъа Сан оьгIазалла шуьга кхочур ю. Ас кхел йийр
ю шуна, аша лелийначу дерриг а вонашка
хьаьжжина, Ас бекхам а бийр бу шуна, аша мел
лелийначу дегазчу гIуллакхашка хьаьжжина. 9 Шух
къинхетам а бийр бац, шу кхоор а дац Аса. Аша
лелийначунна а, шун дегазчу гIуллакхашна а
бекхам бийр бу Аса шуна. ТIаккха хуур ду шуна,
таIзар Дийриг Веза Эла волу Со вуйла.
10 ТIекхаьчна и де! ТIекхаьчна карзахдаларан
зама! Бохаман рагI тIекхаьчна. Харцоно заза
даьккхина, куралла хьалакхиъна. 11 ГIелоно харцо
кхиайо. Царах цхьа а вуьсур вац. Цхьа а хIума
дуьсур дац оцу тобанах а, церан бахамах а, церан
сийлаллех а.
12 ТIекхаьчна зама, тIедеана *къематде*. ХIума
эцнарг цунах воккха ма вевойла, ткъа хIума
йоьхкинарг цунах дог доьхна ма хуьлийла, хIунда
аьлча Сан оьгIазвахар массарна а ду. 13 ХIума
йоьхкинарг ша доьхкинчу лаьтта тIе юхавоьрзур
вац, иза а, хIума эцнарг а дийна волчу хенахь,
хIунда аьлча хIокху суьртехь хIоьттинарг массарна
а ду, ткъа иза юха ца доьрзуш ду. Шайн къинош
бахьана долуш царах цхьаьнгге а шайн дахар
кIелхьара даккхалур дац. 14 Цара коьман маIа
локхур ю, уьш тIамана а кечлур бу, амма царах
цхьа а тIамтIе а гIур вац, хIунда аьлча Сан
оьгIазвахар массарна а ду».

### Исраилан халкъан къиношна таIзар дар

15 «Карахь тарраш долу мостагIий гIалина арахь
бу, ткъа Iожаллин ун а, мацалла а гIалина чохь ю.
Аренашкахь берш туьро бойур бу, гIалина чоьхьа
берш мацалло а, Iожаллин уьно а хIаллакбийр бу.
16 Ткъа биснарш, лаьмнашка дIа а бахана, цигахь
хир бу, тогIешкара къаьхкина кхокхий санна.
Шаьш летийна къинош бахьана долуш, цара узарш
дийр ду. 17 Массеран а куьйгаш охьадахана хир ду,
ткъа церан когийн голаш, хи санна, егош хир ю.
18 Цара шайна тIе сингаттаман духар духур ду,
церан массеран а дагахь кхерам хир бу, хIораннан
а юьхь тIехь юьхьIаьржачу хIоттар а хир ду, цара
массара а шайн кортош дошур ду. 19 Цара шайн
дети аракхуссур ду, шайн деших дегаза хIума хир ю
царна. Везачу Элан дераллин дийнахь кIезиг гIо
хир ду царна шайн деших а, детих а. Оцу
хIуманашка церан мацалла а дIаяккхалур яц, церан
геш а дузалур дац, хIунда аьлча уьш бахьана
долуш цара къинош летийна. 20 Шайн дашочу а,
даточу а хIуманех дозаллаш а дора цара, ткъа оцу
хIуманех шайн дегаза а, ирча а цIуш бора, цундела
Аса оцу хIуманех царна дегаза хеташ долу хIума
дийр ду.
21 Ас и хIуманаш хIонс санна хийрачу нехан кара
дIалур ю, ткъа дуьнен чуьра зуламхоша, деши а,
дети а схьа а эцна, иза бехдийр ду. 22 Ас царна букъ

берзор бу, ткъа хийрачу наха, Сан цIа чу а бахана,
иза сийсаздоккхур ду. Цу чу талорхой а бахана,
цара иза бехдийр ду.
[23] Дейша буржалш, хIунда аьлча цIий Iанош
болчарах буьзна бу хIара мохк, гIело ечарах юьзна
ю хIара гIала. [24] Аса кхечу къаьмнех уггар къиза
халкъаш схьадалор ду кхуза, цара Исраил-махкара
цIенош дIалоцур ду. Ас йохор ю ницкъболчеран
куралла, иштта церан еза меттигаш а сийсазйохур
ю оцу халкъаша. [25] Къемат хIуттур ду Сан халкъана
тIе. Цара машар лохур бу, амма иза царна карор
бац. [26] Цхьа сингаттам дIабалале важа сингаттам
схьакхочур бу, цхьа ирча кхаъ схьакхаьчна балале
важа а кхочур бу. Цара пайхамаршка хоьттур ду,
амма царна суьрташ хIуьттур дац. Динан дайшка
нахана товрат Iамалур дац, къаношка царна
хьехам а балур бац. [27] Паччахь тийжаш хир ву, эла
догдоьхна хир ву, ткъа адамийн дегнаш тIе тесна
кхерам хир бу. Ас цара лелийначуьнга хьаьжжина
дерг дIалур ду царна. Шаьш кхечарна йинчу кхеле
хьаьжжина, Ас цу нахана а кхел йийр ю. ТIаккха
хуур ду царна, Со Веза эла вуйла».

### Ярушалайм-гIалахь цIушна Iибадат дар

8 Халкъан цхьа дакъа Бавеле дIадигначул
тIаьхьа йолхалгIачу шеран йолхалгIачу беттан
пхоьалгIачу дийнахь, со сайн цIа чохь хиъна Iаш а
волуш, суна хьалха хевшина Iаш яхIудхойн къаной
а болуш, Хьалдолчу Элан ницкъ боьссира суна тIе.
[2] †Суна адаман дегIан суьртехь цIерах йогуш йолу
цхьа хIума гира. Цуьнан гIодаюкъара дуьйна
охьайолу меттиг йогуш йолу цIе санна яра, ткъа
цуьнан гIодаюкъара дуьйна хьаладолу цуьнан
сибат лепаш долу цIаста санна дара. [3] Куьг санна
йолу меже схьа а кховдийна, Цо сан коьртара
месаш схьалецира. ТIаккха Делан Сино со
лаьттаний, стигаланий юккъе хьалаайира. Дала
хIиттийначу суьрташкахь Цо со Ярушалайм-гIала,
Делан цIенна къилбаседехьа йолчу чоьхьарчу
кертан кевнна улло, дIавигира, эмгаралла
хуьлуьйту цIу лаьтташ волчу.
[4] ††Цигахь Исраилан халкъан Делан сийлалла яра,
суна Кабар-хина уллохь йолчу аренгахь гинарг
санна йолу. [5] Цо соьга элира: «Адаман кIант!
Къилбаседехьа дIахьажа». Со къилбаседехьа
дIахьаьжира. Цу меттехь долчу кевнан
къилбаседехьарчу агIор сагIа доккхучу кхерчана
уллохь лаьтташ эмгаралла хуьлуьйту цIу вара.
[6] ТIаккха Цо соьга элира: «Адаман кIант! Хьуна
гуш дуй исраилхоша кхузахь деш долу дегаза
гIуллакхаш, Соьга Сан еза меттиг а юьтуьйтуш? Хьо
кхин а дика хьажахь, хьуна кхин а чIогIа дегазниг а
гур ду».
[7] Цул тIаьхьа Цо со цу кертан чувогIийла йолчу
схьавалийра, ткъа суна пенах даьккхина Iуьрг
гира. [8] ТIаккха Цо соьга элира: «Адаман кIант! Пен
ахка». Со и пен ахка волавелира. Суна цхьа неI
гира. [9] Цо соьга элира: «Чоьхьа а валий, адамаша
кхузахь деш долчу вочу а, дегазчу а хIуманашка
хьажа». [10] Чу а ваьлла, гонах дIасахьаьжча, суна
гира массанхьа а пенаш тIехь дехкина текхаргийн
а, дегазчу дийнатийн а, исраилхоша Iамал еш мел
болчу цIуйн а суьрташ. [11] Цу суьрташна хьалха
лаьтташ вара Исраилан халкъан кхузткъе итт
къано, ткъа царна юкъахь Шапанин кIант Яъзан-
ЯхIу а вара. ХIораннан а карахь *хаза хьожа йогIу
хIума* чохь ягош йолу ной а яра. Цу нойш чуьра
хьалаоьхуш сегIазах йогIу хаза хьожа яра. [12] ТIаккха
Цо элира: «Адаман кIант, гой хьуна Исраилан
халкъан къаноша боданехь, шайн-шайн цIушна
лерина йолчу меттехь, дийриг? Цара хIораммо а
ша-шега боху: „Тхо Везачу Элана гуш дац, Веза Эла
хIокху махка тIера дIавахана“».
[13] Цул тIаьхьа Везачу Эло элира: «Хьуна гур ду цу
наха кхин а дегаза хIуманаш лелош». [14] Цо со
Везачу Элан цIийнан къилбаседехьа долчу кевнан
неIаре валийра. Цигахь суна харцдалла Тамузана
тийжаш Iаш болу зударий гира.
[15] Цо соьга элира: «ХIара хIума гой хьуна, адаман
кIант? Вало Соьца, кхин а ирча гIуллакхаш а гур ду
хьуна». [16] ТIаккха Цо со Везачу Элан цIийнан
чоьхьарчу керта вигира. Цигахь суна охьатеIаш
лаьтташ волу ткъе пхиъ боьрша стаг гира. Уьш
цIийнан лабанний, сагIа доккхучу кхерчаний
юккъехь лаьтташ бара, Везачу Элан цIенна букъ а
берзийна. Церан яххьаш малхбалехьа дIайирзина
яра, ткъа уьш шаьш малхана корта бетташ бара.
[17] Цо соьга элира: «Адаман кIант, гуш дуй хьуна
хIара? Шаьш кхузахь мел деш долу дегаза
хIуманаш ЯхIудан халкъана кIезиг хета те? Цул сов,
цара хIара мохк гIелонех бузу, хаддаза Со оьгIаза а
оьхуьйтуш. Хьажал, цара Сан мерана тIе гаьннаш ‡
уьйу! [18] Цундела Аса дIагойтур ю царна Сайн
оьгIазалла, царах къинхетам а бийр бац, уьш кхоор
а бац Аса. Уьш, маьхьарий а детташ, Соьга кхайкха
буьйлалур бу, амма Ас ладугIур дац цаьрга».

### Ярушалаймана таIзар дар

9 Цул тIаьхьа суна хезира, Дала мохь туххуш
олуш: «Схьадуьйла кхуза, гIалина таIзар дан
кечделларш, шайн карахь хIаллакдаран герз долуш
а хила». [2] Къилбаседехьа дIадирзина лаьттачу
лакхара ков долчу агIонера схьавогIуш ялх стаг
гира суна. Церан хIораннан а карахь хIаллакдаран
герз дара. Цаьрца кхин цхьа стаг вара, шена
тIеюьйхина дуткъачу кIадих йина йолу бедарш а
йолуш, гIодаюкъарчу доьхкарх дIабихкина
яздархочун гIирс а болуш. Схьа а баьхкина, сагIа
доккхучу цIестан кхерчана улло дIахIиттира уьш.
[3] Исраилан халкъан Делан олаллин нур, ша
хиллачу каруб-маликана тIера хьала а даьлла,
Делан цIийнан неIсагIина улло деара. ТIаккха
Везачу Эло дуткъачу кIадих йина бедар а юьйхина,

† 8:2 Яхьазкхиал 1:27. †† 8:4 Яхьазкхиал 1:28.

‡ *Мерана тIе гаьннаш *– иза Дела оьгIазвохуьйту Iадат дара.*

яздархочун гIирс гIодаюкъах дIабихкина волу стаг
Шена тIекхайкхира. 4 †Цо элира: «Ярушалаймехула
дIа а гIой, гIалахь мел лелош долу дегаза хIуманаш
бахьана долуш гIайгIа еш, узарш деш болчу нехан
хьаж тIехь билгало е».
5 Ткъа вукхаьрга Цо элира: «Цунна тIаьхьа а
хIиттий, гIалахула дIагIо, массо а хIаллак а веш,
цхьаннах а къинхетам а ца беш, цхьа а кхоа а ца
веш: 6 я воккха стаг а, я жима стаг а, я йоI а, я нана
а, я бер а. Хьаж тIехь билгало йолчу цхьана а стагах
шу дIа ма хьакхало. Иза хIокху Сан цIенна тIера
дIадоладе». ТIаккха цара и хIума Делан цIенна
хьалха Iаш болчу къаношна тIера дIадолийра.
7 Цаьрга Дала элира: «Сийсаздаккха *Делан цIа*,
цуьнан керт декъех хьалаюза. ХIинца дIагIо!» Уьш,
ара а бевлла, гIалахь адамаш хIаллакдан
буьйлабелира.
8 Уьш нах хIаллакбан дIабахча, со цигахь сецира.
Лаьтта кхачвалц бертал охьа а таьIна, аса элира:
«Ва, Хьалдолу Эла, Ярушалаймана тIе Хьайн
дералла яржош, исраилхойх массо а
тIаьхьабиснарш хIаллакбан воллу те Хьо?»
9 Цо суна жоп делира: «Дукха къинош летийна
Исраилан халкъан а, ЯхIудан халкъан а наха. Цара
берриг а мохк нах хIаллакбарх хьалабуьзнера, ткъа
гIалахь харцонаш яржийнера. Адамаша шаьш-
шайга бохура: „Веза Эла хIокху махка тIера
дIавахана, тхо Везачу Элана гуш дац“. 10 Иштта, Ас
цу нахах къинхетам бийр бац, уьш кхоор бац.
Царах даьлларг церан шайн кортошна тIе дожор ду
Аса».
11 Цул тIаьхьа дуткъачу кIадинан бедарш а
юьйхина, гIодаюкъах дIабихкина яздархочун гIирс
болчу стага, юха а веана, элира: «Ахьа соьга мел
аьлларг ас кхочушдина».

### Везачу Элан сийлалла Делан цIа чуьра дIаяхар

10 ††ТIаккха суна хьалахьаьжча, каруб-
маликийн кортошна тIехула йолчу нартолна
тIехь йолу хIума гира. Иза саппир олу беза тIулг
санна лепара, иштта паччахьан гIантан куьцехь а
яра иза. 2 ‡Дуткъачу кIадинан бедарш йолчу стаге
Везачу Эло элира: «Каруб-маликашна бухахь йолчу
хьийзачу чкъургашна юккъехула чекх а валий,
канаш юззий, каруб-маликашна юкъара догуш
долу кIегий схьа а эций, уьш гIалина тIе
дIасакхисса».
Со хьоьжучу хенахь и стаг дIавахара. 3 Каруб-
маликаш Делан цIийнан къилберачу агIор лаьтташ
дара, и стаг чкъургашна юккъе дIавахча. ТIаккха
цхьана мархо цIийнан чухулара керт хьалаюьзира.
4 Цул тIаьхьа каруб-маликашна тIехула йолу Везачу
Элан сийлалла, хьалаайа а елла, неIсагIехьа
дIайолаелира, тIаккха *Делан цIа* оцу мархах
хьаладуьзира, ткъа ерриг а керт Везачу Элан
сийлаллин нуьрах хьалаюьзира. 5 Каруб-маликаша
лестош долчу тIемийн гIовгIа арахьарчу кертахь а
хезаш яра, Нуьцкъала Дела вистхуьлуш ма-хаззара.
6 Дуткъачу кIадих йина бедарш юьйхина волчу
стаге: «Каруб-маликаш долчуьра чкъургашна
юккъехь догуш долу кIегий схьаэца», Везачу Эло
аьллачул тIаьхьа, и стаг, мархина юккъе а ваьлла,
цхьана чкъургана улло дIахIоьттира. 7 ТIаккха
каруб-маликех цхьаммо, царна юккъехь йогуш
йолчу цIарна тIе куьг дIа а кховдийна, цигара
кIегий схьа а эцна, уьш дуткъачу кIадих йина
бедарш юьйхина волчу стаге дIаделира. Уьш схьа а
эцна, и стаг аравелира.
8 Каруб-маликийн тIемашна бухахь адаман
куьйгаш долуш санна хетара. 9 ‡‡ДIахьаьжча, суна
гира каруб-маликашна уллохь йиъ чкъург, хIора
маликана уллохь цхьацца чкъург а йолуш, ткъа и
чкъургаш хризолит олучу безачу тIулгех йича
санна лепаш яра. 10 ХIора чкъурган кеп цхьатерра
яра, ткъа цхьа чкъург кхечу чкъургана чохь йолуш
санна хеталора. 11 И чкъургаш дIайоьлхучу хенахь
каруб-маликашна хьалха йолчу муьлхха а еа
агIонгахьа цаьрга дIайигалора. Чкъургаш дIаса а
ца йоьрзуш, каруб-маликашка нийсса дIайигалора.
Еа юьхьан хIора агIор цаьрца цхьаьна чкъургаш а
дIаяхалора, цхьанхьа а дIаса а ца йоьрзуш.
12 ‡‡Церан дерриг а дегI – букъ а, куьйгаш а, тIемаш
а, иштта йиъ чкъург а – бIаьргех дуьззина дара.
13 Хьалха суна «хьийза чкъургаш» олу чкъургаш яра
уьш.
14 ‡‡†Цу хIора каруб-маликан йиъ юьхь яра:
хьалхара юьхь – каруб-маликан юьхь яра,
шолгIаниг – адаман, кхозлагIниг – лоьман, ткъа
йоьалгIаниг – аьрзунан юьхь яра. 15 Каруб-маликаш
хьалаайаделира. И дийнаташ суна Кабар-хина
уллохь гинарш дара. 16 Уьш дIадоьлхучу хенахь
царна уллора чкъургаш а дIаоьхура, ткъа цара
шайн тIемаш хьалаайдича, лаьттара хIаваэ
хьаладовла, и чкъургаш цаьрца нийсса
хьалайоьлхура. 17 Уьш лаьттачу хенахь, чкъургаш а
лаьттара, ткъа уьш хьалаайаделча, уьш а цаьрца
нийсса хьалаайалора, шайна чохь цу дийнатийн са
долу дела.
18 ТIаккха Везачу Элан сийлалла, Делан цIийнан
неIсагIина уллора дIа а даьлла, каруб-маликашна
тIехула сецира. 19 Ткъа уьш, шайн тIемаш хьала а
айдина, суна а гуш, лаьттара хьаладахара. Уьш
дIадоьлхучу хенахь царна уллохь чкъургаш а
дIаоьхура. Уьш Везачу Элан цIийнан малхбалехьа
долчу кевнна хьалха дIахIиттира, ткъа Исраилан
халкъан Делан сийлалла царна тIехула яра. 20 Суна
дагадеара и дийнаташ: уьш Кабар-хина уллохь
Исраилан халкъан Далла бухахь хилла долу
дийнаташ дара. Суна хиира уьш каруб-маликаш
хилар.
21 Церан хIораннан а йиъ юьхь а яра, биъ тIам а
бара, ткъа цу тIемаш кIел адаман куьйгаш долуш

† 9:4 *Довзийтинарг 7:3; 9:4; 14:1.* †† 10:1 *Яхьазкхиал 1:26; Довзийтинарг 4:2.* ‡ 10:2 *Довзийтинарг 8:5.*
‡† 10:9-13 *Яхьазкхиал 1:15-21.* ‡‡ 10:12 *Довзийтинарг 4:8.* ‡‡† 10:14 *Яхьазкхиал 1:10; Довзийтинарг 4:7.*

санна а хетара. 22 Церан яххьаш суна Кабар-хина уллохь гиначу дийнатийн яххьех тера яра. Ткъа ша дIадолалучу хенахь хIора дийнат муьлххачу а агIор дIадахалора.

### Ярушалаймана кхел яр

**11** Делан Сино со, хьала а айина, Делан цIийнан малхбалехьа долчу кевнна улло схьавалийра. Цигахь суна ткъе пхиъ стаг гира. Царна юкъахь халкъан куьйгалхой болу Iазуран кIант Яъзан-ЯхIу а, БенъяхIун кIант Палти-ЯхIу а вара.

2 ТIаккха Везачу Эло соьга элира: «Адаман кIант! Хьуна хьалха лаьтташ берш зуламе ойла йолу нах бу, цара хIокху гIаларчу адамашна вон хьехарш до. 3 ХIоккхара боху: „Цкъачунна а вайна цIенош ден йолу хан тIе ца кхаьчна †. Цу гIалахь вай кхерамехь дац, цигахь вай яй чу тесна жижиг санна ду“. 4 Цундела ахьа, адаман кIант, царна дуьхьал Делера болу хаамаш бан беза. Вало, бе и хаамаш».

5 Цул тIаьхьа суна тIе Везачу Элан Са доьссира. Цо соьга элира: «Везачу Эло иштта боху ала: „Шайна юкъахь ахьа иштта олуш ма ду, Исраилан халкъ. Хьан дагахь мел дерг Суна хууш ма ду! 6 Дукха адам хIаллакдина аша кху гIалахь, цуьнан урамаш декъех а дузуш“.

7 Цундела Хьалдолу Эла волчу Аса боху: „Аша цигахь байъина охьабехкина нах – жижиг ду, ткъа и гIала – яй бу, амма Ас шу цигара арадохур ду. 8 Шу туьрах кхоьруш ду, амма Ас и тур шуна тIехьажор ду. – Иштта боху Хьалдолу Эла волчу Аса. – 9 Цу гIалара ара а даьхна, Ас шу хийрачу махкарчу нехан кара дIа а лур ду, шуна кхел а йийр ю. 10 Шу туьро хIаллакдийр ду, Исраил-махкахь Аса таIзар дийр ду шуна. ТIаккха хуур ду шуна, Со Веза Эла вуйла. 11 ХIара гIала шуна кхераме боцу яй хилла дIахIуттур яц, ткъа шу цу чохь долу жижиг санна маьрша хир дац. Ас шуна кхузахь, берриг Исраил-махкахь, таIзар дийр ду. 12 ТIаккха хуур ду шуна, Со Веза Эла вуйла. Сан парзашца шу ца лелара, Аса тIедехкинарш кхочуш а ца дора аша, ткъа шайна гонах дехаш долчу къаьмнаша тIелаьцна бакъонаш аша ларйора“».

13 Аса Делера болу хаамаш бечу хенахь БенъяхIун кIант Палти-ЯхIу кхелхира. Лаьтта охьа а воьжна, корта а таIийна, аса мохь туххуш элира: «Хьалдолу Эла, Хьо Исраилан халкъах дийна висина мел волу стаг хIаллакван воллу те?»

### Йийсарехь болчарна Дала ваIда дар

14 ТIаккха соьга Везачу Элера дош кхечира: 15 «Адаман кIант! Хьан вежарех – хьан гергарнаш болчу вежарех а, дерриг а Исраилан халкъах а лаьцна – Ярушалаймехь бехаш болчара боху: „Далла гена а бевлла, бехаш Iаш бу уьш, ткъа хIара латта тхуна, тхайн долахь долуш санна, схьаделла ду“.

16 Цундела ахьа цу нахе дIаала: „Хьалдолчу Эло боху: ‘И нах Аса генарчу махка дIабахийтинехь а, уьш кхечу къаьмнашна юкъахь дIасабаржийнехь а, цхьана ханна Со царна деза цIа санна хир ву уьш дIабаханчу мехкашкахь’“.

17 Кхин а ала цаьрга: „Хьалдолу Эла волчу Аса шу массо а къаьмнашкара схьагулдийр а ду, шу дIасадаржийначу мехкашкара юхадерзор а ду, ткъа Исраил-махкара латта шуна юха дIа а лур ду Аса“. 18 Сан халкъо, ша цига юхадирзича, берриг а дегаза а, ирча а цIуш схьа а гулбина, уьш хIаллакбийр бу. 19 ††Ас царна шалхо йоцуш долу дог а лур ду, иштта керла са а кхуллур ду Ас царна чохь. Царна чуьра церан тIулган дегнаш дIа а даьхна, царна дилханан дегнаш кхуллур ду Аса. 20 Цу тайпана Сан парзашца лелар бу уьш, Сан тIедехкинарш, лар а деш, кхочушдийр ду цара. Царах Сан халкъ хир ду, ткъа Со церан Дела хир ву. 21 Амма шайн дегнашца дегаза а, ирча а болчу цIушна тIебирзинчаьрга хьаьжжина, царах даьлларг церан шайн кортошна тIе дожор ду Аса». Иштта боху Хьалдолчу Эло.

### Делан сийлалла Ярушалайма чуьра араялар

22 ‡ТIаккха *каруб-маликаш*, шайн тIемаш дIаса а даржийна, стигала хьаладевлира, чкъургаш а царна уллохь яра. Исраилан халкъан Делан сийлаллин нур а дара царна тIехула. 23 *Везачу Элан сийлаллин нур*, гIалина юккъера хьала а даьлла, цунна малхбалехьа болчу лам тIехула дIахIоьттира. 24 Ша хIоттийначу суьртехь Делан Сино со, хьала а айина, Бавел-махка юхавалийра, Исраил-махкара йийсаре дIабигначу нахана тIе. ТIаккха и сурт соьгара дIаделира. 25 Везачу Эло суна мел гайтинарг Исраил-махкара йийсаре дIабигначаьрга дIадийцира аса.

### Пайхамар йийсарехь верг санна хилар

**12** Везачу Элан дош кхечира соьга: 2 ‡‡«Адаман кIант! Хьо аьрхачу нахана юкъахь вехаш ву. Церан бIаьргаш бу, амма царна хIумма а ца го, церан лергаш а ду, амма царна хIума а ца хеза, хIунда аьлча уьш аьрха нах бу.

3 Ткъа ахьа, адаман кIант, хьо йийсаре дIавуьгуш волчуха ларча кечъе, ткъа дийнахь, массарна а гучу хенахь, новкъа валий, хьайн меттера кхечу метте дIагIо. ТIаккха кхета а мега уьш. Делахь а иза аьрха къам ду. 4 Йийсарехь хьайна оьшуш йолу хIуманаш а, хьо дIаваха кечвеллийла хоуьйтуш, дийнахь арайаха, ткъа суьйранна хьо а, йийсаре волуш санна, аравала. 5 Уьш хьоьжуш болчу хенахь, хьайн пенах Iуьрг а даккхий, цигахула аравала. 6 Царна гойтуш, хьайн ларча белш тIе а йиллий, Iаржлучу хенахь дIагIо. Хьо муьлхачу агIор

† *Я иштта: *Вай кестта юха а вайна цIенош дийр ду.**

†† *11:19, 20 Яхьазкхиал 36:26-28.* ‡ *11:22, 23 Яхьазкхиал 43:2-5.* ‡‡ *12:2 ЕшаI-ЯхIу 6:9, 10; Ярми-ЯхIу 5:21; Марк 8:18.*

воьду хьайна ца гайта, хьайн юьхь дIакъовла,
хIунда аьлча Аса хьо дерриг а Исраилан халкъана
масална дIахIоттийна».
7 Аса дерриг а, сайга аьлла ма-хиллара, дира.
Йийсарехь сайна оьшуш йолу хIуманаш, схьа а
эцна, дийнахь араехира, ткъа суьйранна, куьйгаца
пенах сайна Iуьрг а даьккхина, бодашкахула ларча
ара а яьккхина, массарна а гуш, иза сайн белш тIе
йиллира.
8 Iуьйранна соьга Везачу Элан дош кхечира:
9 «Адаман кIант! Исраилан аьрхачу къомо, хьо хIун
деш ву аьлла, хьоьга хаьттирий те? 10 ДIаала
цаьрга: „Иштта боху Хьалдолчу Эло: хIара
араяьккхина ларча – Ярушалайман баьчча а,
цигахь долу дерриг Исраилан къам а ду †“. 11 ДIаала
цаьрга: „Со шуна билгало ю. Ас динарг шуна а
тIекхочур ду. Шу кхузара ара а дохур ду, йийсаре
дIа а дуьгур ду“. 12 Царна юкъара волу баьчча,
бодашкахь шен карара ларчанаш белшаш тIе а
ехкина, аравер ву. Иза цигара аравалийта, пенах
Iуьрг доккхур ду. Ткъа цо шен юьхь дIакъовлур ю,
ша воьду некъ шена ца гайта. 13 ††Ас цунна тIе Сайн
бой тосур ю, иза гураца схьа а лоцур ву. Цул тIаьхьа
иза Бавеле дIавуьгур ву Аса, хашадхойн лаьтта тIе,
амма цунна и латта гур дац, иза цигахь лийр ву.
14 Ас паччахьна уллохь мел верг – цуьнан тIеман
хьехамчаш а, цуьнан дерриг эскар а – массо а
маьIIехула дIасалоллур ду, ткъа Со баттара
даькkхинчу туьраца тIаьхьавер ву царна.
15 Иштта, Ас шаьш кхечу къаьмнашкахула дIаса а
даржийча, кхечу мехкашкахула дIаса а кхийсича,
царна хуур ду, Со Веза Эла вуйла. 16 Амма царах
кIеззиг адам Аса туьрах а, мацаллех а, Iожаллин
уьнах а кIелхьардоккхур ду, цаьрга кхечу
къаьмнашка шаьш Суна дуьхьал мел лелийна
долчу вонех лаьцна дIадийцийта. ТIаккха уьш
кхетар бу, Со Веза Эла вуйла».

## Вегош волчу пайхамаран билгало

17 Юха а соьга Везачу Элан дош кхечира:
18 «Адаман кIант! Хьайн бепиг кхерарца даа, хи а
мала вегорца, доьхначу дагца. 19 Исраил-махкара
долчу халкъе ахьа ала деза: „Хьалдолчу Эло
Исраил-мехкан а, Ярушалайм-гIалин а бахархойх
лаьцна иштта дуьйцу: ‘Цара шайн бепиг баланехь
дуур ду, хи а гIайгIанца мер ду, хIунда аьлча церан
махкахь дерриг а хIума дIадаьккхина хир ду, цара
цу махкахь мел бехаш болчарна ницкъ бина дела.
20 ХIинцале а шайна чохь адамаш дехаш йолу
ерриг а гIаланаш хIаллакйийр ю, дерриг а латта
дассалур ду. ТIаккха хуур ду шуна, Со Веза Эла
вуйла’“».

## Керла кица

21 Соьга юха а Везачу Элера дош кхечира:
22 «Адаман кIант! Исраил-махкарчу наха хIара кица
хIунда даладо: „Де дийне мел долу хан дIайолу,
хIора сурт а дIадолу“? 23 Цундела дIаала цаьрга:
„Иштта боху Хьалдолчу Эло: ‘Ас дIадоккхур ду и
кица, исраилхошна юкъахь кхин далор дац и
кица’“. Амма ала цаьрга: „ХIора хIоьттина сурт
кхочушхуьлу хан тIекхочу“.
24 Исраилан халкъана юкъахь даьсса сурт я
мекара пал кхин цхьаммо а лелор бац. 25 Делахь а
Веза Эла волчу Аса Сайна ала луург эр а ду, ткъа
иза кхочуш а хир ду. ТIаьхьататтар кхин хир дац.
Шун деношкахь, ва аьрха халкъ, Айса аьлларг Ас
кхочушдийр ду». Иштта боху Хьалдолчу Эло.
26 Соьга Везачу Элан дош кхечира: 27 «Адаман
кIант! Исраилан халкъана моьтту, хьуна хIоьттина
суьрташ дуккха а шераш дIадаьлча бен кхочуш а
хир дац, хинйолчу заманах бен хьо Соьгара болу
хаамаш беш а вац. 28 Цундела дIаала цаьрга:
„Хьалдолчу Эло шуьга боху: цхьа а Ас аьлла долу
дош кхин тIаьхьатеттина хир дац, амма Ас аьлларг
кхочушхир ду. Иштта боху Хьалдолу Эла волчу
Аса“».

## Харцпайхамаршна-божаршна дуьхьал Делера болу хаам

13 Соьга Везачу Элера дош кхечира: 2 «Адаман
кIант! Соьгара хаам бе Исраилан халкъан
хIинца пайхамаралла деш болчу
харцпайхамаршка. Шайн дегнашкара
харцпайхамаралла деш болчаьрга иштта ала:
„ЛадогIа Везачу Элера болчу хааме!“
3 Иштта боху Хьалдолчу Эло: „Къа ду шайн сино
бохучунна тIаьхьадевлла лелаш долчу а, цхьа а
хIума ца гиначу а сонтачу пайхамарийн. 4 Хьан
пайхамарш, Исраилан халкъ, къапалгашна юкъахь
уьдуш лела чангIалкхаш санна бу. 5 Шу дIа ца
хIиттина гIалин пенан йохийначу меттигашна
улло, Исраилан халкъан дуьхьа уьш тоярхьама,
Везачу Элан дийнахь тIом бечу хенахь гIалин пен
латтийтархьама. 6 Царна даьсса суьрташ а го, цара
харцахьа пал а туьйсу. Цара боху: ‘Везачу Эло
иштта олу’, Везачу Эло шаьш нахана тIе бахийтина
боццушехь. Мелхо а, шаьш аьлла дош
кхочушхиларе хьоьжу уьш! 7 Даьсса суьрташ-м ца
гина те шуна, иштта харцахьа пал-м ца тийсина те
аша, ‘Везачу Эло иштта боху’ а олуш, Аса хIумма а
аьлла доццушехь?“
8 Цундела Хьалдолчу Эло иштта боху: „Соьгара ду
бохуш, аша нахана дийцинарг даьсса хиларна а,
шун суьрташ харц хиларна а, Со шуна
дуьхьалваьлла. 9 Шайна даьсса суьрташ гуш болчу
а, харцахьа пал туьйсуш болчу а пайхамаршна
таIзар дан Сайн куьг хьалаайина Аса. Сан къоман
кхеташонехь уьш кхин хир бац, церан цIераш

---

† *Я иштта: *хIара хаам бу Ярушалайман баьччанна а, цигахь долчу дерриг Исраилан къомана а.** †† 12:13 *ТIаьххьарнаш 25:7; Ярми-ЯхIу 52:11.*

Исраилан халкъана юкъахь дIаязйина хир яц, уьш
цкъа а Исраил-махка юха а богIур бац. ТIаккха хуур
ду шуна, Со Хьалдолу Эла вуйла.
10 †Иза иштта билггал хир ду, хIунда аьлча цара
Сан къам Iехадо, цуьнга машар бу а бохуш, машар
боццушехь. Халкъо ледара пен боьттича санна
хуьлу, ткъа пайхамарша цу пенна тIе кир тоьхча
санна хуьлу. 11 Цу пенна тIе кир тоьхначаьрга и пен
охьабужург хилар дIахаийта. ЧIогIа догIа а догIур
ду, къора а тухур ю, буьрса мох цунна тIе а хьоккхур
бу. 12 И пен охьабоьжча, халкъо хоттур ду
пайхамаршка: ‘ХIун хилла аша цу пенна тIе
тоьхначу кирах?’“
13 Цундела Хьалдолу Эла волчу Аса боху: „Аса
Сайн дераллица буьрса мох бохуьйтур бу, Сайн
оьгIазаллица чIогIа догIа а доуьйтур ду, Ас къора а
тухуьйтур ю, дераллица массо хIума а
хIаллакдархьама. 14 Аша кир тоьхна болу пен Аса
льтта тIекхаччалц бохор бу, цуьнан бух массарна а
гуш хилийтархьама. И пен боьжча, цунна кIелахь
шу хIаллакьхир ду. ТIаккха хуур ду шуна, Со Веза
Эла вуйла.
15 Ас Сайн оьгIазалла цу пенна а, цунна тIе кир
тоьхначарна а тIеерзор ю. ТIаккха Ас эр ду шуьга:
‘Пен кхин бац, иштта цунна тIе кир тоьхнарш а бац
– 16 машар боццушехь, Ярушалаймана машар бу
бохуш, пайхамаралла дина болу Исраилан халкъан
пайхамарш’“». Иштта боху Хьалдолчу Эло.

### Харцпайхамаршна-зударшна дуьхьал Делера болу хаам

17 Везачу Эло боху: «Адаман кIант, Соьгара
хаамаш беш боцучу, ткъа шайна дага доггIург
дуьйцуш болчу Исраилан халкъан зударшна
дуьхьал вистхила. Царна дуьхьал Соьгара болу
хаам бе. 18 Ахьа ала деза: „Иштта боху Хьалдолчу
Эло:
‘Декъаза бу Сан халкъан синош лоьцуш болу
зударий! Церан куьйгашна аша холмачалла лелон
бехчалгаш а тоьгу, церан шерашка хьаьжжина,
аша холмачаллин йовлакхаш а до, церан синош
лецархьама! Сан халкъан синош а лоьцуш, шайн
синош кIелхьардахалур ду моьтту те шуна? 19 Аша
Со Сан халкъана хьалха сийсазвоху мекхан канин
а, баьпкан юьхкан а дуьхьа. Аша Сан халкъе
харцдерг дуьйцу, царна и харцдерг деза а делла. Ца
лийр берш байа лаьа шуна, ткъа бехар боцурш
дийна бита лаьа’“.
20 Цундела Хьалдолу Эла волчу Аса шуьга боху:
„Аша, олхазарш санна, нах лоьцу холмачаллин
бехчалгаш чIогIа ца еза Суна. Шун куьйгашкара
уьш дIайохур ю Аса, ткъа адамаш паргIатдевр ду,
речIанна чуьра арадовлу олхазарш санна. 21 Аса
этIор ду шун холмачаллин йовлакхаш, Сан халкъ
шун карара схьа а доккхуш. Уьш кхин хир бац шун
карахь ижу санна. ТIаккха хуур ду шуна, Со Веза
Эла вуйла.
22 Шаьш дуьйцу харцдерг бахьана долуш, Сан
лаамехь болчеран дегнаш дохадо аша, Суна уьш
гIайгIанехь хила ца луъушехь а. Харцдерг лелош
берш шайн харцнекъа тIера дIа ца бовлар аша
къобал ма дора, и дарца цара шайн синош
кIелхьардахаха тарлуш хилахь а. 23 Цундела шуна
кхин гур дац даьсса суьрташ, иштта аша кхин пал а
туьйсур бац. Ас шун карара кIелхьардоккхур ду
Сайн халкъ. ТIаккха хуур ду шуна, Со Веза Эла
вуйла“».

### ЦIушна Iамал ечарна тIехь кхел яр

14 Исраилан халкъан масех къано веара со
волчу. Уьш соьга бистхилархьама
охьахевшира. 2 ТIаккха соьга Везачу Элера дош
кхечира: 3 «Адаман кIант! ХIара нах шайн дегнаш
чохь цIушна тIебирзина а бу, цара шаьш
галбовлуьйтуш долу харцдолчун новкъарло шайн
бIаьргашна хьалха дIа а хIоттийна. Сайгара жоп
лехийта деза те Ас?
4 Цундела ахьа дан деза цаьрга къамел. ДIаала
цаьрга: „Исраилан халкъан Хьалдолчу Эло иштта
боху: ‘Нагахь санна Везачу Эле хаттар дан
пайхамар волчу милла а вагIахь, ткъа иза шен даг
чохь цIушна тIевирзина а хилахь, ша галволуьйтуш
йолу харцдолчун новкъарло шен бIаьргашна
хьалха дIа а хIоттаяхь, Веза Эла волчу Ас-Айса
цунна жоп лур ду. Ткъа Сан жоп цуьнан дуккха а
цIушка хьаьжжина хир ду! 5 Аса иза дийр ду, шайн
цIуш бахьана долуш Суна херабевллачу
исраилхойн дегнаш юха схьалецархьама’“.
6 Цундела дIаала Исраилан халкъе: „Иштта боху
Хьалдолчу Эло: ‘Юхадерза Со волчу, бита шайн
цIуш, букъ берзабе шаьш мел лелийначу дегазчу
гIуллакхашна.
7 Нагахь санна муьлхха а исраилхо я муьлхха а
Исраил-махкахь вехаш волу кхечу къомах волу
стаг, Соьгара жоп оьшуш, пайхамар волчу гIахь,
ткъа и стаг, Соьгара дIа а вирзина, шен даг чохь
цIушна тIевирзина а хилахь, цо ша галволуьйтуш
йолу харцдолчун новкъарло шен бIаьргашна
хьалха дIа а хIоттаяхь, Веза Эла волчу Аса цунна
Сайгара жоп лур ду. 8 Со цу стагана дуьхьалвер ву,
Ас цунах масал дийр ду, нахе цунах кицанаш а
даладойтуш, Ас Сайн къомана юкъара дIавоккхур
ву иза, тIаккха хуур ду шуна, Со Веза Эла вуйла.
9 Нагахь санна Сан цIарах харц хаам бан цхьа
пайхамар Iехавеш велахь, Веза Эла волу Со иза
Iехавинарг ву. Цунна дуьхьал Сайн куьг дерзор ду
Аса, ткъа Сайн Исраилан халкъана юкъара иза ара
а воккхур ву Аса. 10 Цу шинна а: хаттар дан
веанчунна а, цунна жоп деллачу пайхамарна а –
цхьатерра таIзар дийр ду. 11 Иза Ас дийр ду,
тIейогIучу ханна Исраилан халкъ Суна уллора дIа
ца далийта а, къинош летош шаьш сийсаз ца
дахийта а. Царах Сан халкъ хир ду, ткъа Со церан
Дела хир ву’“. Иштта боху Хьалдолчу Эло».

† *13:10 Ярми-ЯхIу 6:14; 8:11.*

### Нохьа а, Даниал а, Аюб а

[12] ТӀаккха соьга Везачу Элан дош кхечира:
[13] «Адаман кӀант! Муьлххачу а, Суна тешаме а ца
хуьлуш, Суна дуьхьал къинош летийначу къомана
тӀе Соьга Сайн куьг дерзалур дара. Ас церан
махкахь болу кхача кхоччуш чекхбоккхуьйтур бара,
царна тӀе мацалла а хьажор яра, Ас цу махкара
адамаш а, хьайбанаш а хӀаллакдийр дара. [14] Цу
махкахь Нохьа а, Даниал а, Аюб а бехаш хилча а,
Делан лаамехь шаьш хилар бахьана долуш, цара
шайн синош кӀелхьардохур дара, амма берриг а
мохк цаьрга кӀелхьарбаккхалур бацара». Иштта
боху Везачу Эло.
[15] «Соьга цу лаьтта тӀе акхарой яхийталур яра,
тӀаккха цара цигара бераш хӀаллакдийр дара, ткъа
и мохк баьсса хир бара. Цхьа а стаг вогӀур вацара
цу махка, хӀунда аьлча массо а цу акхаройх
кхоьруш хир вара. [16] Нохьий, Даниаллий, Аюббий
цигахь Ӏаш хилча а, – дийна волчу Сайх чӀагӀо йо
Ас, Хьалдолчу Эло, – ур-атталла шайн кӀентий а,
йоӀарий а цаьрга кӀелхьарбахалур бацара. Цу
кхааннан шайн дахар кӀелхьардаккха ницкъ кхочур
бара, ткъа и латта дассаделла дӀахӀуттур дара.
[17] Нагахь санна Ас, цу лаьтта тӀе тур а хьажийна,
цуьнга аьлча: „Тур, чекхдала цу лаьтта тӀехула!“,
цуьнга дерриг а халкъ а, даьхни а хӀаллак а
дойтуш, [18] ткъа нагахь санна и кхоъ цигахь хилча,
тӀаккха а – дийна волчу Сайх чӀагӀо йо Аса,
Хьалдолчу Эло, – цаьрга шайн кӀентий а, йоӀарий а
кӀелхьарбахалур бацара. Шайн дахар бен оцу
кхаанга кӀелхьардаккхалур дацара». Иштта боху
Везачу Эло.
[19] «Я Аса цу лаьтта тӀе Ӏожаллин ун хьажор дара,
царна тӀе ерриг а Сайн оьгӀазалла а йохуьйтуш,
цигара долу халкъ а, даьхни а хӀаллак а деш.
[20] Царна юкъахь Нохьа а, Даниал а, Аюб а хилча а, –
дийна волчу Сайх чӀагӀо йо Аса, Хьалдолчу Эло, –
цара шайн дахар доцург, шайн берийн дахар а
кӀелхьардоккхур дацара. Сан лаамехь шаьш хилар
бахьана долуш цара шайн дахар бен
кӀелхьардоккхур дацара».
[21] †Хьалдолчу Эло иштта боху: «Ойла е, мел бохам
бер бу Ярушалаймана, Ас диъ таӀзар – тур а,
мацалла а, акхарой а, Ӏожаллин ун а – цунна тӀе
хьажадича, цуьнан бахархой а, церан даьхни а
хӀаллакдархьама! [22] Цхьаболу зударий а, божарий а
дийна а буьсур бу, цу гӀали чуьра уьш арабохур а
бу. Уьш шу долчу арабевлча, шуна гур ду церан
ирча лелар а, вон гӀуллакхаш а. ТӀаккха шуна
синхьаам хир бу Аса Ярушалаймана мел бинчу
бохамех. [23] Церан дахаран некъ а, цара дина долу
вонаш а шуна гар бахьана долуш, шуьга атта
садоьӀуьйту. Цу тайпана, шуна хуур ду, Ас цу нахана
дина таӀзар эрна цахилар». Иштта элира Хьалдолчу
Эло.

† *14:21 Довзийтинарг 6:8.*

### Кемсийн таьллангах долу хьекъале дийцар

**15** ТӀаккха соьга Везачу Элан дош кхечира:
[2] «Адаман кӀант! Кемсийн таьлланг муха
тоьлур ю кхечу диттийн гаьннел? Хьуьнхахь
хуьлучу кхечу дитташна юкъахь иза цхьа бен ма
яц, и кемсийн таьлланг? [3] Хьоьга цхьа а пайден
хӀума ялур юй кемсийн таьллангах? Цунах хьостам
балур буй, цу тӀе хӀума хьалаолла? [4] Адамаша и
таьллангаш цӀера юкъа кхуьссу. Иза шинна а
юьхьигна тӀера дика яьгча, га юккъера Ӏаржделча,
цхьана хӀуманна пайденна юй те иза? [5] Дагаза
долчу хенахь а дацара иза цхьанна а хӀуманна
пайденна, ткъа хӀинца-м, иза цӀеро, дага а дина,
Ӏарждиначул тӀаьхьа, муххале а дац пайденна».
[6] Иштта боху Хьалдолчу Эло: «Хьуьнхара кхидолчу
диттийн гаьннаш санна, кемсийн таьлланг
адамаша цӀерга кхуьйсуш ма-хиллара, изза дийр ду
Аса Ярушалайман бахархошца. [7] Со царна
дуьхьалвер ву. Цхьана ханна уьш цӀерах
кӀелхьарбевллехь а, хӀинца цӀаро уьш дӀакхоллур
бу. Со царна дуьхьалваьллачу хенахь хуур ду шуна,
Со Веза Эла вуйла. [8] Уьш Суна тешаме цахилар
бахьана долуш, Ас бассор бу хӀара мохк» – боху
Хьалдолчу Эло.

### Майрачунна тешаме йоцу зуда санна йолу Ярушалайм

**16** Соьга Везачу Элан дош кхечира: [2] «Адаман
кӀант! Ярушалаймехь болчу нахе цара
лелийна мел долчу вочу хӀуманех лаьцна дӀаала.
[3] Ахьа цаьрга иштта ала деза: „ХӀара боху
Хьалдолчу Эло Ярушалайме:
‘КанаӀан-махкахь дара хьан схьаялар а, хьан
дуьнен тӀе ялар а. Хьан да – эмархо вара, ткъа нана
– хьетахо яра ††. [4] Ярушалайм, хьо дуьнен чу йолучу
хенахь хьан цӀонг дӀахадо стаг вацара, хьо
цӀанъялийта хьуна тӀе хи кхарза а стаг вацара,
хьуна тӀе туьха хьакха а, иштта хьуна тӀе хӀума
хьарчо а стаг вацара. [5] Цхьаммо а къинхетам ца
бира хьох, цхьаммо а хьан дола а ца дира. Хьо
дуьнен чу яьллачу дийнахь хьо аренга
дӀакхоьссина яра, хӀунда аьлча оцу хенахь хьо
дӀатеттинера.
[6] ТӀаккха, тӀехволучу хенахь Суна гира хьо, хьайн
цӀийш юкъахь керчачу хенахь. Хьо иштта Ӏуьллуш
гича, Ас элира хьоьга: ‹Яха хьайна!› ХӀаъ, хьо цӀийш
юкъахь Ӏуьллуш гича, Ас элира: ‹Яха хьайна!› [7] Эрна
арахь тӀедолучу зезагна санна, Ас хьалакхиа гӀо
дира хьуна. Хьо, йоккха а хилла, исбаьхьа хаза
хилла дӀахӀоьттира: хьан накхош хьалаайаделира,
хьан месаш яхъелира, амма хьо, тӀекхоьллина
хӀума йоцуш, ерзина яра.
[8] Юха, тӀехволучу хенахь Суна гира хьо – хьо
безамна кийча яра. Ас Сайн бедарш тӀеозийра

†† *Эмархо... хьетахо *– исраилхошна и къаьмнаш дегаза а, цӀушна Ӏамал еш а хета.**

хьуна тIехула, хьан ерзина хилар дIа а хьулдеш. Ас
чIагIо йира хьан хила, иштта Ас хьоьца барт а
бира. ТIаккха хьо Сан хилира‘“. Иштта элира
Хьалдолчу Эло.
9 „Ас хьуна тIе хи а кхерзина, цIий дIадаькkхира,
тIаккха хьуна тIе даьтта хьаькхира. 10 Ас хьуна тIе
хаза тIамарш йолу коч юьйхира, тIаьрсиган
кIархаш а буьйхира, дуткъачу кIадин йовлакх
коьрта тIе а тиллира, чилланан тIекхуллург а
елира. 11 Аса хьуна хаза жовхIарш а делира,
пхьаьрсех хIазарш а доьхкира, коча исбаьхьа
туьтеш а тесира. 12 Ас мерах йолла чIуг а елира
хьуна, лергех тийса чIагарш а, иштта коьрта тIе
тилла исбаьхьа *таж* а делира хьуна. 13 Хьо чIогIа
хаза яра хьайн дашочу а, даточу а хIуманашца,
дуткъачу кIадих а, чилланан кIадих а, тир
яькkхинчу кIадих а йинчу бедаршца. Хьан даар
уггар а дикачух дара – уггар а дикачу демах дина
бепиг а, моз а, даьтта а. Хьо чIогIа хазъелла
дIахIоьттинера, зуда-паччахьах тар а елла. 14 Хьан
цIеяхана хилар дерриг а къаьмнашна юкъахь
даьржира, хьо хаза йолу дела. Хьо чIогIа хаза яра,
Ас Сайн сийлаллица хьо хазйина хилар бахьана
долуш“. Иштта боху Хьалдолчу Эло.
15 „Амма ахьа, хьайн хазаллех а, хьайн цIеяхана
хиларх а пайда а оьцуш, хьайна тIех мел
волучуьнца нахаца лелачу зудчун гIиллакхаш
леладора, цуьнга хьайн хазаллех дезар а
оьцуьйтуш. 16 Хьайн бедарех цхьайолу хIуманаш
схьа а эцна, цаьрца бес-бесара сагIа доккху гунаш
кечдира ахьа, цигахь, Суна тешаме а ца хуьлуш,
нахаца лела зуда санна а лелаш. Иштта лелар ца
магийнарг а, хила ца дезарг а ма ду! 17 Ас хьайна
елла йолчу деших а, детих а йинчу хIуманех ахьа
хьайна боьрша цIуш бира, нахаца лелаш йолу зуда
санна цаьрца а лелаш. 18 Ас хьайна елла йолу хаза
юьйцина кучамаш схьа а эцна, уьш цу цIушна
тIеюьйхира ахьа, иштта Ас хьайна делла даьтта а,
хаза хьожа йогIу сегIаз а царна лерина долчу
сагIина охьадуттура ахьа. 19 Ас хьайна делла долу
тоьлла дама а, зайтдаьтта а, моз а ахьа хьайн
цIушна дIаделира. Иштта хила а хилира“, – боху
Хьалдолчу Эло.
20 „Айхьа Суна бина болу кIентий а, мехкарий а
ахьа, схьа а эцна, царах хьайн харцделанашна
сагIа даькkхира. Иштта, хьан Суна тешаме цахилар
тоьуш а доцуш, 21 Сан кIентий, цIерах чекх а
бохуьйтий, байъа а бойъий, хьайн цIушна сагIина
дIалора ахь. 22 Айхьа дегаза мел долу гIуллакхаш
леладечу хенахь а, Суна тешаме ца хуьлучу хенахь
а хьуна дага ца йогIура хьо жима а, къона а хилла
зама – оцу хенахь хьо ерзина а яра, тIехь хIума а
йоцуш, хьайн цIийлахь хьийзаш а яра“».

## Кхахьпа санна йолу Ярушалайм

23 «Маржа-яI! Декъаза ю-кх хьо, ва Ярушалайм! –
боху Хьалдолчу Эло – Айхьа мел лелийначул сов,
24 хIора майданна тIехь ахьа хьайна кхахьпаллин
цIа а до, цIушна Iамал ян меттиг а кечйо. 25 ХIора
некъ болалучохь а кечйина ахьа и меттигаш, хьайн
хазаллин сий а дойуш. И хазалла ахьа, хIора тIех
мел волу боьрша стаг хьайга схьаверзо гIерташ,
хIаллакйора, хьайн боьха лелар сов а доккхуш.
26 Цул тIаьхьа, Мисар-махка а яхана, хьайначу
хьайн лулахочуьнца а лийлира хьо цигахь, нахаца
лелар сов а доккхуш, хьо бахьана долуш йолу Сан
оьгIазалла сов а йоккхуш.
27 ТIаккха Ас хьуна таIзар дира, хьуна дIаделла
дакъа жим а деш. Ас пурба делира хьан мостагIий
болчу пIелаштамхойн зудаберашна хьуна шайна
луъург дан, ткъа уьш а бара хьан боьха лелархь
цецбевлла.
28 Кхечаьрца леларх ца Iабарна, хьо ашурхошца
лела йолаелира. Цаьрца леллачул тIаьхьа а, хьо
царах а ца Iебира. 29 ТIаккха совдегархойн латта
долчу Хашад-махкана хьо хьайн кхахьпаллица
тIейирзира, амма цунах а хьо ца Iебира.
30 Ма оьгIазаллех вуьзна ву Со ахь мел
лелийначунна, – боху Хьалдолчу Эло. – Хьо
маьттаза кхахьпа санна лелаш ма ю! 31 Ахьа хIора
некъ болалучу меттехь кхахьпаллин цIа а, хIора
майданахь цIушна Iамал ян меттиг а хьайна
кечъечу хенахь, хьо кхахьпа санна яцара, хIунда
аьлча ахьа совгIаташ дIа ца оьцура. 32 Амма хьо,
шен майрачун метта, кхиболу божарий тIе а
оьцуш, ямартло еш йолу зуда санна яра. 33 Массо а
кхахьпанаша божаршкара совгIаташ схьаоьцу,
ткъа ахьа совгIаташ хьайн безаршна дора, уьш
массо а маьIIера хьайца лела схьаэхийта. 34 Иштта
хьо нахаца лелча, хьо кхечу зударех тера ца хуьлу,
хIунда аьлча божарий хьуна тIаьхьа ца бовду,
хьоьца лела. Хьуна цхьаммо а совгIаташ а ца деш,
ахьа кхечарна совгIаташ дича, хьо билггал
юханехьа лела!»

## Ярушалаймана Дала таIзар дар

35 ЛадогIа, кхахьпа, Везачу Эло бохучуьнга!
36 Хьалдолчу Эло иштта боху: «Ахь хьайн боьха
лаам дIагайтира, хьайн безаршна а, дегазчу
цIушна а хьалха ерзина а юьйлуш, хьо цаьрца
лелара, иштта хьайн кIентийн цIий цIушна
Iенадора ахьа. 37 И хIуманаш ахьа лелорна, Ас
хьуна безна болу а, хьоьца лелла болу а берриге
безарш а, хьуна ца безнарш а массо а маьIIера
схьагулбийр бу. Царна хьалха хьан духарш
охьадохур ду Ас, ткъа царна хьо ма-ярра ерзина
дIагур ю. 38 Цул тIаьхьа Ас кхел йийр ю хьуна, ткъа
хьан таIзар нахаца леллачунна а, цIий
Iанийначунна а доггIург хир ду. Сайн оьгIазаллица
а, дераллица а Аса хьан цIий Iанор ду. 39 Ас дIалур
ю хьо хьайн безарийн кара, тIаккха дохор ду хьан
кхахьпаллин цIенош, дIасакхуьйсур ю хьан цIушна
Iамал ян меттигаш а. Цара хьуна тIера бедарш
дIайохур ю, хьан жовхIарш дIадохур ду, ткъа хьо
ма-ярра ерзина юьтур ю.

40 Цара схьакхойкхур ю адамийн тоба, цаьрга
хьуна тIе тIулгаш кхиссийта а, таррашца хьо
цестийта а. 41 Хьан цIенош цара цIарца дагор ду,
дуккха а зударшна хьалха хьуна кхел а йийр ю. Ас
сацор ду хьан нахаца лелар, хьо лелар яц кхин
совгIаташ деш. 42 Со, Сайн дераллех Iаьбна ваьлча,
Со карзахвуьйлучуьра соцур ву. Суна синтем хир
бу, кхин оьгIаз а гIур вац Со. 43 Ахьа, хьо къона
хилла хан дага а ца йогIуш, айхьа мел динчуьнца
Со оьгIазъэхийтина дела, массо а хьан леларна
догIу таIзар дийр ду Ас хьуна. Айхьа мел лелийна
дегаза гIуллакхашна тIе кхахьпалла хIунда
туьйхира ахь?» Иштта боху Хьалдолчу Эло.

### Нана ма-хиллара, йоI а хуьлу

44 «Кицанаш далош мел волчо, хьох лаьцна хIара
кица далор ду: „Нана ма-хиллара, йоI а ю“. 45 ЙоI
йолу хьо хьайн ненах тера ю, шен майрачух а,
берех а ца яьшна йолу. Шайн майранаш а, бераш а
ца эшна болу хьан йижарий ма-хиллара, хьо а ю.
Шун нана хьетахо ю, ткъа да – эмархо ву.
46 Хьан йоккхаха йолу йиша – Шамран-гIала ю,
хьуна къилбаседехьа шен зудаберашца ехаш йолу.
Хьан жимаха йолу йиша, хьуна къилбехьа шен
зудаберашца ехаш йолу, Седам-гIала ю. 47 Хьо, цара
леллийнарг а лелош, церан дегазчу некъашкахула
лелла а ца Iаш, кIеззиг хан ялале, царал а телхина
лелара.
48 Дийна волчу Сайх чIагIо йо Аса, – боху
Хьалдолчу Эло, – хьан йиша йолчу Седам-гIалано а,
цуьнан зудабераша а ца леладора ахьа а, хьан
зудабераша а лелийнарг. 49 ХIара бу хьан йишин
Седам-гIалин а, цуьнан зудаберийн а бехк: уьш
кура бара, церан дукха даа хIума дара, церан
маьрша синтем а бара, амма цара къечарна а,
мискачарна а гIо ца дора. 50 Уьш, кураллаш еш,
дегаза хIуманаш деш лелара Суна хьалха, цундела
Ас, Сайна и дерриг а ма-гиннехь, уллора дIабехира
уьш.
51 Шамран-гIалано ахьа диначул ах а вон ца дина.
Хьо ю дегаза хIуманаш деш царал а тIехъяьлларг.
Хьоьца нисбича, хьан йижарий цIена хета. 52 Хьо
нахала яккхар кхидIа а ла, ахь хьайн йижарий
цIена хетийтина дела. Цара летийначу къинойл
ахьа мел летийнарг сов дегаза хиларна, уьш хьол
цIена хийтира. ХIинца эхь хетарна, цIий а луш,
юьхьIаьржачу а хIоьттина лела хьайна, ахь хьайн
йижарий цIена хетийтина дела».

### Седам а, Шамран а юхаметтахIоттор

53 «Ас юхаметтахIоттор ю Седам-гIала а, цунна
гонах йолу жима гIаланаш а, иштта
юхаметтахIоттор ю Шамран-гIала а, цунна гонах
йолу жима гIаланаш а. Ас юхаметтахIоттор ю хьо а,
Ярушалайм, 54 айхьа лелийна долу массо а вон
хIуманаш бахьана долуш хьайн нахала яккхар
кхидIа лайтархьама а, хьо юьхьIаьржачу
хIоттийтархьама а. Иштта хьайн йижаршна синтем
бийр бу ахьа. 55 Хьан йижарех лаьцна аьлча –
Седам а, цуьнан зудабераш а, Шамран а, цуьнан
зудабераш а – уьш шайн хьалхалерчу хьоле
юхаметтахIиттийна хир бу. Иштта хьо а, хьайн
зудаберашца хьалхалерчу хьоле
юхаметтахIоттийна хир ю. 56 Хьо кураллех юьзначу
хенахь, хьан вон лелар массарна а дIахаале, хьайн
йиша йолу Седам хьан багахь беламе дош ца
хилира те? Ткъа хIинца хьох кхаьрдаш бу арамхойн
† а, пIелаштамхойн а зударий а, царна гонах хьох
ца бешаш берш а. 58 Хьо вон лелар а, дегаза
гIуллакхаш а бахьана долуш жоп дала дезаш ма ю
хьо!» – боху Хьалдолчу Эло.

### Даима болу барт

59 Хьалдолчу Эло иштта элира: «Со хьуна доггIучу
тайпана хир ву хьоьца, хIунда аьлча Аса йинчу
чIагIонах хьо ца ешира, ткъа ахьа Сан барт а
бохийра. 60 Амма Суна дагахь лаьттар бу хьо къона
йолчу хенахь Ас хьоьца бина болу барт. Ас хьоьца
массо а ханна лерина болу *керла барт* бийр бу.
61 ТIаккха хьуна айхьа дIакхехьна некъаш
дагадогIур ду. И некъаш бахьана долуш хьуна эхь
хетар ду, Ас хьол баккхий а, хьол жимах болу а
йижарий – Седам а, Шамран а, – хьуна йоIарий
санна дIалучу хенахь. Иза вай бинчу бартана
юкъадогIуш дацара, амма Ас иза дийр ду. 62 Ас и
керла барт хьоьца бийр бу, тIаккха хуур ду хьуна,
Со Веза Эла вуйла. 63 Ахьа мел лелийначух Аса хьо
цIанъечу хенахь хьуна и вон хIуманаш дагадогIур а
ду, хьуна эхь а хетар ду, хьо юьхьIаьржачу
хIоттарна бага хьалагIатто аьтто а хир бац хьан».
Иштта элира Хьалдолчу Эло.

### Аьрзунех а, кемсийн таьллангах а лаьцна хьекъале дустар

17 ТIаккха соьга Везачу Элан дош кхечира:
2 «Адаман кIант! Исраилан халкъана хIетал-
метал а даладай, хьекъале дустар дийца. 3 Ала
цаьрга: „Хьалдолчу Эло боху хIара: ʻНуьцкъала
тIемаш а, месала а, бес-бесара деха пелагаш а
долчу доккхачу аьрзуно, Ливанун-лаьмнашка а
деана, баганан диттан бохь схьабаьккхира. 4 Цу
бохь тIера ховхачу патарех уггар лакхарниг схьа а
даьккхина, иза, йохкаэцаран махка схьа а деана,
совдегарийн гIалахь охьадиллира цо. 5 Исраил-
махкара баганан диттан хIу схьа а эцна, иза
токхечу лаьттахь дIадийра цо, дак-дитт ма-дерра,
хина уллохь. 6 И хIу хьала а даьлла, цунах кемсийн
таьлланг хилира, ша шуьйра а йолуш, амма лоха а
йолуш. Цуьнан гаьннаш аьрзугахьа
хьалаийзалора, ткъа орамаш цунна бухахь дара.
Уьш дахделла дIасадаханера, кемсийн таьлланго
керла гаьннаш а, гIаш а дIадохура.

† *Iебархойн тептар тIехь: *арамхойн. *Цхьадолчу тептарш тIехь: *эдомхойн.*

7 Месала тIемаш долу важа нуьцкъала аьрзу а
яра. Ша дIадийначу лаьттана тIера шен орамашца
а, гаьннашца а цунна тIеозаелира кемсийн
таьлланг. Цунна лаьара, аьрзуно шена хи дуттийла.
8 Дикачу лаьтта тIе, шорта хи долчохь, дIайийнера
и таьлланг, цунах, гаьннаш дIаса а дахийтина, тIехь
стом а латош, дика кемсийн таьлланг
хилийтархьама’“.
9 Ала цаьрга: „Иштта боху Хьалдолчу Эло: ‘Хьуна
моьттий, цу таьлланган аьтто а хилла, иза йоккха
хир ю? Цуьнан орамаш схьа-м дохур дац те, цунна
тIера стоьмаш а схьа-м бохур бац те, иза
тIаьххьара а дакъа а луш? Цунна тIера дерриш а
къона гаьннаш дакъалур ду. ТIаккха кхин боккха
ницкъ я дуккха а нехан гIо а ца оьшу и кемсийн
таьлланг озийна шен орамашца лаьттара
схьаяккха. 10 Ша дIайийначохь хьалакхуьур юй те
иза? Якъалур-м яц те иза, малхбалера схьа мох
хьаьккхча? Ша дIайийначохь иза якъалур ма ю!’“»

## Хьекъалечу дустаран маьIна дар

11 Везачу Элан дош кхечира соьга: 12 †«Хаттар де
оцу аьрхачу халкъе: „И хIуманаш хIун маьIна
долуш ду хаьий шуна?“ – алий. ТIаккха дIаала
цаьрга: „Хьалхара аьрзу – Бавелан паччахь ву. Цо,
Ярушалайме а веана, шеца Бавеле дIабигира
паччахь а, цуьнан элий а. 13 Цул тIаьхьа Набухди-
Нецара шена тешаме хир ву аьлла дош деллачу
паччахьан цIийнах волчу стагаца барт бира. Цу
махкара лаккхарчу даржашкахь мел волу стаг
дIавигира цо, 14 и пачхьалкх, кхин хьалагIатта
ницкъ а ца кхочуш, лахахь йисийтархьама. Цу
тайпана, ша бина барт ларбеш бен, и пачхьалкх
латталур яцара. 15 Амма керла паччахь Бавел-
мехкан паччахьна дуьхьалвала гIоьртира. Цо гIо
доьхуш геланчаш бахийтира Мисар-махка, цигара
дуккха а говраш а, эскархой а беха. ГIуллакх хир
дуй те цуьнан? Ницкъ кхочур буй те цуьнан, ша
бина болу барт бохийначул тIаьхьа, таIзарх
кIелхьарвала?“»
16 Хьалдолчу Эло боху: «Дийна волчу Сайх чIагIо
йо Ас: и керла паччахь Бавелехь лийр ма ву – шех
паччахь винчу а, цуьнан чIагIонах ша ца ваьшначу
а, ша цуьнца бина барт бохийначу а паччахьан
махкахь. 17 Мисар-махкарчу паччахье яхIудхойн
паччахьна тIамехь гIо далур дац, гIалина гонах
лаьттан гунаш дича а, тIеман гIирс дIахIоттийча а,
дуккха а адам хIаллакдархьама. 18 Амма яхIудхойн
паччахь кIелхьарвер вац, хIунда аьлча цо, ша
делла дош кхочуш а ца деш, бина барт бохийна».
19 Цундела иштта боху Хьалдолчу Эло: «Дийна
волчу Сайх чIагIо йо Ас, яхIудхойн паччахь Суна
хьалха ша йинчу чIагIонах ца вашаре а, Айса
цуьнца бина барт цо бохоре а хьаьжжина, Аса
таIзар дийр ду цунна. 20 Ас иза схьалаца бой тосур
ю, иза цу чу а эккхор ву. Ас иза Бавеле схьавалор
ву, циггахь цунна таIзар а дийр ду, иза Суна
тешаме цахиларна. 21 Ас хIаллакдийр ду цуьнан
эскар, цуьнан дийна бисина болу уггар дика
тIемалой Аса массанхьа а дIасакхуьссур бу. ТIаккха
хуур ду шуна, Веза Эла волу Со шуьга къамел
динарг вуйла».

## Сатийсаран ваIда

22 Хьалдолчу Эло элира:
«Баганан диттан бохь тIера Аса-Айса зIийдаг
схьайоккхур ю.
Баганан диттан уггар лакхарчу гаьннех цхьаъ
схьа а даьккхина,
иза боккхачу, лекхачу ломан боххье дIадугIур ду
Аса.
23 Исраил-мехкан лекхачу лам тIехь дIадугIур ду
Ас иза.
Цу гаьннах доккха дитт хир ду,
цунна тIехь стоьмаш а кхуьур бу.
Цунах исбаьхьа хаза дитт хир ду,
цуьнан гаьннаш юкъахь тайп-тайпана олхазарш
хир ду,
уьш цуьнан IиндагIехь Iийр ду.
24 Массо а аренгарчу дитташна дIахуур ду
Ас, Везачу Эло, лекха дитташ лаха дохийла,
ткъа лоха дитташ лакха дохийла.
Сийна дитт Ас дакъадо,
ткъа дакъаделларг, заза доккхуьйтий,
дIахIоттадо.
Веза Эла волчу Аса иштта элира, ткъа Айса
аьлларг кхочуш а дийр ду Аса».

## ХIора стага ша лелийначунна жоп дала дезар

18 Соьга Везачу Элера дош кхечира: 2 ††«Аша
Исраил-махкахь стенна даладо хIара кица:
„Дайша муьста кемсаш йоу,
ткъа берийн цергаш леха“?»
3 Хьалдолчу Эло боху: «Дийна волчу Сайх чIагIо
йо Аса, Исраил-махкахь кхин и кица далор ма дац
аьлла. 4 Дерриг а адамийн дахар Сан карахь ду –
ден я кIентан дахар Суна бен а дац. Къинош летош
верг ву лийр верг.
5 Масала, вехаш ву, бакъдерг а, нийсо а лелош
волу цхьа бакъахьара стаг. 6 Цо лаьмнашкахь
цIушна Iамал еш даьккхинчу сагIанах хIума а ца
йоу, цо Исраилан халкъан цIушна доIанаш а ца до,
иза шен лулахочун зудчуьнца а ца лела, шен
зудчун ламаз доьхначу хенахь цунах хьакха а ца
ло. 7 Цо адамашна гIело а ца йо, шегара декхар
эцначунна цо закъалтана елла хIума а дIало. Цо
къола а ца до, мецачунна яа хIума а ло, тIехь хIума
йоцуш висинчунна тIеюха хIума а ло. 8 Цо, тIера ял
а йоккхуш, юхалург ахча а ца ло, ша воних лелорах
лар а во, къовсамашкахь нийсонца кхел а йо. 9 ‡Иза
Сан парзашца а лела, цо Сан тIедехкинарш лар а
до. Иза Сан лаамехь верг ву, цундела иза вехар а
ву» – боху Хьалдолчу Эло.

† 17:12-15 ТIаьххьарнаш 24:15-20; 2 Шерашкахь 36:10-13.

†† 18:2 Ярми-ЯхIу 31:29. ‡ 18:9 Iамалъяр 18:5.

[10] «Ткъа, масала, цуьнан кӀант талорхо хила тарло,
нехан цӀий а Ӏенош, шен дас цкъа а ца лелийначу
гӀуллакхех муьлхха а деш волу. Нагахь цо
лаьмнашкахь цӀушна Ӏамал еш даькккхинчу
сагӀанах хӀума яахь, я иза шен лулахочун зудчуьнца
лелахь, [12] я къечунна гӀело еш, цуьнгара хӀума цо
схьаяккхахь, я декхар оьцуш закъалтана елла хӀума
дӀа ца лахь, иза цӀушна Ӏамал еш лелахь, иштта
кхидолу дегаза хӀуманаш цо леладахь, [13] тӀера ял а
йоккхуш, цо юхалург ахча лахь, вехар вуй те и стаг?
Вехар вац. И хӀуманаш лелош мел верг лийр ву,
цуьнан цӀий цунна шена тӀехь а хир ду.
[14] Ткъа, масала, нагахь оцу вочу стеган кӀант
хилахь, цу кӀантана шен дас мел лелорг гур ду. Цо,
шен дас лелорг шена гуш доллушехь, и санна долу
хӀуманаш ца леладо: [15] лаьмнашкахь цӀушна
даькккхинчу сагӀанах хӀума а цо ца яахь, шен
лулахочун зудчуьнца а иза ца лелахь, [16] адамашна
цо гӀело а ца яхь, иштта ша юхалург деллачу
ахчанна закъалтана делларг дӀа а лахь, цо къола а
ца дахь, мецачунна яа хӀума а лахь, тӀехь хӀума
йоцуш висинчунна тӀеюха хӀума а цо лахь,
[17] къечун дог а ца дохош, тӀера ял а йоккхуш, цо
ахча юхалург а лахь, Сан тӀедехкинарш а деш, Сан
парзашца иза лелахь, и стаг шен дас лелийнарг
бахьана долуш лийр вац. Иза билггал вехар ву.
[18] Ткъа цуьнан дас адамаш къизаллица баца а бора,
шен къомах болчарна къоланаш а дора, шен
халкъана юкъахь вонаш а леладора. Ша летийна
къинош бахьана долуш иза лийр ву.
[19] Ахьа хьотту: „Дас лелийнарг бахьана долуш
кӀант жоьпе хӀунда ца озаво?“ КӀант, бакъдерг а,
нийсо а лелош, Сан парзаш лар а деш, уьш кхочуш
а деш леларна, билггал вехар ву. [20] †Къинош
летийнарг лийр ву, ткъа кӀантана, шен дас
лелийнарг бахьана долуш, таӀзар дийр дац, шен
кӀанта летийначу къиношна дена а дийр дац
таӀзар. Делан лаамехь волчун дика цунна бен ца
догӀу, вониг лелочун вон цунна бен догӀуш ца
хиларе терра.
[21] Ткъа зуламхочо, къинош летораn некъ а
битина, Сан парзаш лар а деш, бакъдерг а, нийсо а
лелаяхь, иза билггал вехар ву, лийр а вац. [22] Цо мел
лелийна вонаш дагадоуьйтур дац. И стаг, ша дина
нийса хӀуманаш бахьана долуш, вехар ву. [23] Вочу
стеган Ӏожалла тӀеярах там хуьлий те Суна? – боху
Хьалдолчу Эло. – Мелхо а, шен харцнекъа тӀера дӀа
а вирзина, иза вехаш хилар Суна тамехь хир дара.
[24] Амма нагахь санна бакъахьа лелаш верг ша
дӀахьочу некъа тӀера валахь, иза вонаш дан
волалахь, зуламхочо ма-леллора, вехар вуй ткъа
иза? Цо мел дина дика лорур дац. Суна тешаме ца
хиларна а, ша къинош леторна а, и стаг лийр ву.
[25] Амма аша боху: „Везачу Элан лелар нийса дац!“
ЛадогӀал, Исраилан халкъ! Сан лелар дуй те нийса
доцург? Шун лелар ма дац нийса! [26] Нагахь санна
Делан лаамехь верг, шен нийсачу некъа тӀера а
ваьлла, вонаш деш волалахь, и хӀума бахьана
долуш лийр ву. Ша лелийна зуламаш бахьана
долуш лийр ву иза! [27] Амма зуламхо, ша лелийначу
вонаш тӀера дӀа а вирзина, бакъдерг а, нийсо а
лелош волалахь, цо шен са кӀелхьардоккхур ду.
[28] Ша мел лелийна харцдерг а хиъна, царна тӀера
иза дӀаверзарна, иза вехар ву, лийр а вац. [29] Ткъа
Исраилан халкъо боху: „Везачу Элан лелар нийса
дац!“ Исраилхой, Сан лелар дуй те нийса доцург?
Шун лелар билггал нийса дац!
[30] Цундела Ас кхел йийр ю шуна, исраилхой. Ас
хӀора стагана, цуьнан леларе хьаьжжина, кхел
йийр ю. – Иштта элира Хьалдолчу Эло. – Цундела,
Со волчу юха а дерзий, шаьш мел лелош йолчу
харцонашна тӀера дӀадовла! Къа бахьана долуш
шаьш гал ма дийлийта. [31] ДӀадаха шайна уллора
шаьш летийна долу къинош, хийцадалийта шайн
дегнаш а, шайн синош а. Хьо дала хӀунда деза,
Исраилан халкъ? [32] Со муьлххачу а стагана Ӏожалла
тӀеярах там хуьлуш вац, – боху Хьалдолчу Эло. –
Къиношна тӀера дӀа а дерзий, дехаш хилийша!»

### Исраилхойн элех лаьцна болу тийжам

19 Дала соьга элира: «Тийжам бе Исраилан
халкъан элех лаьцна:
[2] „Хьан нана стенах тера ю?
Иза стен лом санна ма ю!
Лоьмашна юкъахь Ӏуьллуш а яра иза,
циггахь шен кӀорнеш а кхиайора цо.
[3] Царах цхьаъ йоккха хилла,
цунах нуьцкъала лом хилла.
Иза шена ижу лаха Ӏемина,
ткъа цо адамаш, цеста а цоьстуш, доура.
[4] Халкъашна цунах лаьцна хезира,
тӀаккха цара иза ор чу а эккхийтина,
цунах чӀагарш чекх а яьхна,
Мисар-махка дӀайигира.
[5] Ша эрна хьоьжуш дуй а хиъна,
шен сатийсар кхочуш ца хилча,
иза, шен кхин кӀорни схьа а эцна,
и кхио йолаелира, цунах нуьцкъала лом хилийта.
[6] Нуьцкъала лом а хилла,
иза кхечу лоьмашна юкъахь лела доладелира.
Иза ижу лаха а Ӏемира,
цо адамаш, цоьстуш, даа а доура.
[7] Иза дисина Ӏаш долчу стечу лоьмех а кхетара,
ткъа церан гӀаланаш цо ясса а йора.
Цу махкахь долу дерриг а халкъ
цуьнан гӀигӀ дарх кхоьрура.
[8] ТӀаккха цунна дуьхьалдевлира
гонах дехаш долу дерриг а къаьмнаш.
Цара и схьалацархьама, бойнаш а тесна,
иза ор чу дожийра.
[9] Цунах чӀагарш чекх а яьхна,
иза гур чу хаийра.
Бавелан паччахь волчу дӀа а дигна,
иза набахти чу доьллира,
Исраил-мехкан лаьмнашкахь

† 18:20 *Карлабаькккхинарг 24:16.*

кхин цуьнан мохь шайна ца хазийта.
10 Хьан нана хийистехь дIайоьгIна
кемсийн таьлланг санна яра.
Цо дуккха а стоьмаш а, таьллангаш а делира,
шена уллохь шортта хи хиларна.
11 Цуьнан гаьннаш чIогIа дара,
царах паччахьашна Iасанаш йора.
Иза ша леккха хьалаяьллера кхечу гаьннашна
юкъахь.
Дуькъачу гаьннашна юкъахь иза геннара гуш
яра лекха йолу дела.
12 Амма, оьгIазаллехь лаьттара хьала а даьккхина,
и таьлланг лаьтта охьакхоьссира.
Малхбалехьара схьахьаькхначу мохо
цуьнан стом бакъийра.
Цуьнан онда га дакъаделира,
ткъа цIеро иза дIа а кхаьллира.
13 Ткъа хIинца иза яьссачу аренгахь дIайийна,
хих хьоьгуш долчу декъачу лаьттахь.
14 Цуьнан гаьннашна юккъера араяьллачу цIеро
багийна цуьнан стоьмаш.
Цуьнан шех паччахьан Iаса ян мегаш долу онда га
кхин ца дисина“.
ХIара тийжам бу, тийжам санна лелош а бу».

### Везачу Элан лаам а, адамийн аьрхалла а

20 Халкъ Бавеле дIадигначул тIаьхьа,
ворхIалгIачу шеран пхоьалгIачу беттан
уьтталгIачу дийнахь Исраилан халкъан масех
къано веара со волчу, Везачу Элах дагавалархьама.
Уьш, схьа а баьхкина, суна хьалха охьахевшира.
2 ТIаккха соьга Везачу Элан дош кхечира: 3 «Адаман
кIант! Вистхила Исраилан халкъан къаношка. Ала
цаьрга: „Хьалдолчу Эло боху: ‘Шу Сох дагадовла
даьхкина? Дийна волчу Сайх Аса чIагIо йо, шу Сайх
Аса дагадовлуьйтур дац аьлла’. Иштта боху
Хьалдолчу Эло“.
4 Царна тIехь кхел йийр ю ахь? Уьш бехке бе,
адаман кIант! Царна дагадаийта церан дайша
лелийна мел долчу дегазчу хIуманех лаций.
5 †ДIаала цаьрга: „Хьалдолчу Эло шуьга боху: ‘Айса
Исраилан халкъ хаьржинчу дийнахь, Якъубан
тIаьхьенах болчарна тIе айдинчу куьйгаца Аса
чIагIо а йора, царна Со дIа а вовзуьйтура Аса
Мисар-махкахь. Сайн куьг хьала а айина, Аса
элира: ‹Со шун Веза Дела ву›. 6 Цу дийнахь Ас царна
дош делира, уьш, Мисар-махкара ара а баьхна,
Айса церан дуьхьа теллинчу лаьтта тIе дIабига,
уггар хазачу, шуьрех а, мазах а дуьзначу токхечу
лаьтта тIе. 7 Ас царна тIедиллинера, шайна
хьалхара боьха цIуш дIабаха, шаьш мисархойн
цIуш бахьана долуш ма бехде аьлла, хIунда аьлча
Со церан Веза Дела ву! 8 Амма уьш Суна
дуьхьалбевлира, царна ца лаьара Соьга ладогIа,
цхьаммо а шайна хьалхара боьха цIуш дIа ца
бехира, я мисархойн цIушна букъ а ца берзийра.
ТIаккха Ас сацам бира Сайн чералла царна тIе
охьаIано а, Мисар-махкахь ерриг а Сайн оьгIазалла
царна тIе яхийта а. 9 Амма и хIума Ас Сайн цIеран
дуьхьа дира, Сайн цIе уьш юкъахь Iийначу
халкъашна хьалха ца йожийта, Ас уьш Мисар-
махкара арабохучу хенахь дIадовзийтинчу
халкъашна юкъахь Сайн цIе ца йожийта.
10 Аса уьш, Мисар-махкара ара а баьхна, яьссачу
аренга схьабалийра. 11 ††Ас царна Сайн парзаш а
делира, иштта Сайн тIедехкинарш дIа а хаийтира.
Ткъа уьш кхочушдийриг цаьргахула билггал вехар
ву. 12 ‡Ас Сайн шоьтан денош а делира царна, Суна
а, царна а юкъахь билгалонаш а хилла дIахIиттина
долу, иштта царна дIахаийтархьама, Со уьш Сайн
дола бохуш волу Веза Эла вуйла. 13 Амма Исраилан
халкъ Суна дуьхьалделира яьссачу аренгахь. Цара
Сан тIедехкинарш кхочуш а ца дора, иштта Сан
парзаш дIа а тоттура. Ткъа уьш кхочушдийриг
цаьргахула вехар ма ву. Цара Сан шоьтан денош
чIогIа сийсаз а дохура. ТIаккха Ас сацам бира
яьссачу аренгахь Сайн дералла царна тIе йоссо,
уьш хIаллак а беш. 14 Амма Сайн цIеран дуьхьа Аса
иза кхочуш ца дира. Исраилан халкъ Мисар-
махкара арадоккхуш гина долчу къаьмнашна
хьалха Суна ца лаьара Сайн цIе сийсазъяьккхина
хилар. 15 ‡‡Ас айдинчу куьйгаца цу яьссачу аренгахь
чIагIо йира царна, уьш шуьрех а, мазах а буьзначу,
уггар хазачу, Айса царна дIабала билгалбаьккхинчу
махка уьш схьабалор бац аьлла, 16 хIунда аьлча
Исраилан халкъо Сан тIедехкинарш дIа а тоттура,
Сан парзаш кхочуш а ца деш, лелара иза, Ас шайна
делла долу шоьтан денош а сийсаздохура, хIунда
аьлча церан дегнаш шайн цIушна тIегIерташ дара.
17 Амма Ас царах къинхетам а бира, уьш яьссачу
аренгахь хIаллак а ца бира. 18 Со яьссачу аренгахь
церан берашка вистхилира. Ас элира цаьрга: ‹Ма
гIолаш шайн дайша дIакхехьначу некъашкахула,
цара шайна тIедехкинарш кхочуш а ма делаш, ма
бехделаш шаьш, церан цIушна тIе а товжий. 19 Со –
шун Веза Дела ву. Сан парзаш кхочуш а деш, лела,
Сан тIедехкинарш, лар а деш, кхочушде. 20 Ас
шайна делла долу шоьтан денош дIакъастаде,
царах Суна а, шуна а юкъахь йолу билгало
хилийтархьама а, Со шун Веза Эла хилар цаьрга
шуна дагадаийтархьама а›.
21 Амма церан бераш а Суна дуьхьалдевлира. Уьш
Сан парзашца ца лелара, цара Аса тIедехкинарш
лар а ца дора, кхочуш а ца дора. Ткъа уьш
кхочушдийриг цаьргахула вехар ма ву. Цара Сан
шоьтан денош а сийсаздохура. ТIаккха Ас сацам
бира яьссачу аренгахь царна тIе Сайн дералла
охьаIано а, цаьрга Сайн оьгIазалла кхачийта а.
22 Амма Сайн цIеран дуьхьа Сайн куьг
юхадаьккхира Аса иза кхочушдечуьра. Исраилан
халкъ шайна хьалха Мисар-махкара арадаьккхинчу
къаьмнашна хьалха Суна ца лаьара Сайн цIе
сийсазъяьккхина хилар. 23 ‡‡Аса кхин цхьа чIагIо а

† 20:5, 6 Арадаккхар 6:2-8.

†† 20:11, 13 Iамалъяр 18:5. ‡ 20:12 Арадаккхар 31:13-17.
‡† 20:15 Лелар 14:26-35. ‡‡ 20:23 Iамалъяр 26:33.

йира цу яьссачу аренгахь. Айдинчу куьйгаца Ас
чIагIо йира уьш кхечу къаьмнашкахула дIасабаржо
а, кхечу мехкашкахула дIасакхисса а. 24 Иза Аса
дира, хIунда аьлча Исраилан халкъо Сан
тIедехкинарш кхочуш а ца дора, Сан парзаш дIа а
тоттура, Ас шайна делла долу шоьтан денош сийсаз
а дохура, шайн бIаьргашца шайн дайн цIушна
тIегIерташ а бара уьш.
25 Ас царна вон парзаш а, дахарна тIе ца доьду
тIедилларш а делира. 26 Ас магадора, шайн
сагIанашца цара шаьш бехдар – цара мелхо а шайн
дуьххьарлера бераш цIерах чекхдохуьйтура. Аса и
хIуманаш дар магадора, уьш Iадорхьама. ТIаккха
царна хуур ма дара, Со Веза Эла вуйла"'.
27 Цундела вистхила Исраилан халкъе, адаман
кIант. ДIаала цуьнга: „Хьалдолчу Эло иштта боху:
'Суна тешаме а ца лелаш, кхин иштачу тайпана а
Со дола хийтира шун дайшна. 28 Аса царна
ваIданца лур ду аьллачу лаьтта тIе уьш
схьабалийначул тIаьхьа, уьш шайн сагIанаш даха
буьйлабелира, шайна лекха гунаш я тIехь луьста
гIа долу дитташ мосазза ги. Шайн дийнаташ
дагоран сагIанаш дахарца а, *хаза хьожа йогIу хIума*
ягорца а, чагIаран сагIанаш дахарца а цара Со
оьгIазвахийтира. 29 Ас цаьрга хоьттура: ‹Шу тIе
оьхург хIун гу бу?› – бохуш. (Цундела хIинца а сагIа
доккху ‹гу› олу цунах.)"'. 30 ХIинца дIаала Исраилан
халкъе: „Хьалдолчу Эло боху: 'Шайн дайша санна,
аша Далла хьалха шаьш бех ца до ткъа, Суна
тешаме а ца хуьлуш, церан дегазчу цIушна
тIаьхьахIуьттуш? 31 Шайн сагIанаш цIушна а дохуш,
шайн бераш цIерах чекх а дохуьйтуш, хIинцалерчу
денна тIекхаччалц аша Суна хьалха шаьш бех ма
до. Аса хьо Сайх дагадолуьйтур ду ткъа, ва
Исраилан халкъ? Дийна волчу Сайх чIагIо йо Аса, –
боху Хьалдолчу Эло, – Аса шу Сайх дагадовлуьйтур
ма дац!'"»

## Дала таIзар дар а, гечдар а

32 «Аша боху: „Тхо кхин къаьмнаш санна, кхечу
мехкашкара долу халкъаш санна хир ду, дечигна а,
тIулгана а Iамал а еш". Амма аша бохург цкъа а хир
ма дац! 33 Дийна волчу Сайх чIагIо йо Аса,
нуьцкъалчу куьйгаца а, тIекховдийначу
пхьаьрсаца а, охьаIанийначу дераллица а шуна
тIехь паччахьалла дийр ма ду Аса. 34 Нуьцкъалчу
куьйгаца а, тIекховдийначу пхьаьрсаца а,
охьаIанийначу дераллица а Ас шу кхечу
къаьмнашна юкъара ара а дохур ду, шаьш
дIасадаржийначу мехкашкара схьа а гулдийр ду.
35 Аса цхьана а ден долахь йоцчу яьссачу аренга
схьагулдийр ду шу, юьхь-дуьхьал а хIиттийна, шуна
кхел йийр ю Аса. 36 Ас кхел йийр ю шуна, шун
дайшна мисархойн яьссачу аренгахь ма-ярра».
Иштта боху Хьалдолчу Эло.
37 «Сайн коьжалгана кIелхула лоьлуьйтур ду Аса
шу, иштта Сайца бинчу бертан декхарш кхочуш а
дойтур ду. 38 Суна дуьхьалбевлларш а, Суна дуьхьал
аьрха лелларш а шуна юкъара схьакъастор бу Ас.
Шаьш бехаш болчу махкара Ас уьш арабохур
белахь а, уьш цкъа а Исраил-махкана чубогIур бац.
ТIаккха хуур ду шуна Со Веза Эла вуйла.
39 Ткъа хьо, Исраилан халкъ, – боху Хьалдолчу
Эло, – дало, шух хIора, шайн цIуйн гIуллакх а деш
лела! Амма цул тIаьхьа, аша Соьга ла ца догIахь,
Сан еза цIе аша кхин сийсазйохур ма яц шайн
сагIанашца а, шайн цIушца а! 40 Сан махкахь болчу
безачу лам тIехь, лекхачу Исраилан лам тIехь †, –
боху Хьалдолчу Эло, – Суна гIуллакх а деш, лелар ду
дерриг а Исраилан халкъ. Ас цигахь хазахетарца
тIеоьцур ду шу. Цигахь Со хьоьжур ву аша Суна
лерина мел долчу хIумане а, шун тоьллачу
сагIанашка а, шун дезачу совгIаташка а. 41 Шаьш
дIасадаржийначу кхечу къаьмнаш юкъара Аса шу
ара а даьхча, кхечу мехкашкара Аса шу схьа а
гулдича, шу, хаза хьожа йогIу хIума санна, тIеоьцур
ду Аса. Кхечу къаьмнашна хьалха шуьгахула
дIагойтур ду Аса Со веза хилар. 42 Ас шун дайшна
ваIданца лур бу аьллачу Исраил-махка шаьш
схьадалийча, хуур ду шуна, Со Веза Эла вуйла.
43 Цигахь шуна дагадогIур ду Суна хьалха шаьш
бехдеш долу шайн лелар а, шаьш мел лелийна
хIуманаш а. Шун дог дер ду шаьш мел дина вонаш
бахьана долуш. 44 Ва Исраилан халкъ, хьан вочу
некъашка а, гамдинчу гIуллакхашка а ца хьожуш,
ткъа Сайн цIеран дуьхьа Аса хьо лелийча, хуур ду
хьуна, Со Веза Эла вуйла». Иштта элира Хьалдолчу
Эло.

## Къилбехьа яьлла цIе

45 Соьга юха а Везачу Элан дош кхечира:
46 «Адаман кIант! Къилбехьа дIаверза. Къилбанна
дуьхьал вист а хилий, къилбанан аренан хьуьнна
дуьхьал Делера болу хаам кхайкхабе. 47 Къилбанан
хьуьне дIаала: „ЛадогIа Везачу Элера долчу даше.
Хьалдолчу Эло боху: 'Хьох цIе лато воллу Со, ткъа
оцу цIеро хьан дерриг а дитташ – къона я декъа
уьш делахь а – дIакхоллур ду. Латийна алу йовр яц,
ткъа хIорра а къилбехьара дуьйна къилбаседе
кхаччалц морцур ву. 48 ТIаккха адамашна хуур ду
Аса, Везачу Эло, и цIе латийнийла а, иза дIаяйа
йиш йоцийла а'"».
49 ТIаккха аса, Яхьазкхиала, элира: «Маржа-яI,
Хьалдолу Эла! Халкъо сох лаьцна боху: „ХIетал-
металшца дуьйцуш-м вац те иза?"»

## Везачу Элан тур

21 Соьга юха а Везачу Элера дош кхечира:
2 «Адаман кIант! Ярушалаймана дуьхьал вист
а хилий, цуьнан езачу меттигашна дуьхьал
кхайкхам бе. Исраил-махкана дуьхьал Соьгара болу
хаам бе. 3 Исраил-махке дIаала: „Везачу Эло боху:
'Со шуна дуьхьал ву, Ас Сайн тур баттара доккхур

† *Исраилан лам *– иза Цийон-лам бу, Делан цIа шена тIехь лаьтташ болу.**

ду, Ас хьоьгара хIорра а схьавоккхур ву – вон мел
верг а, дика мел верг а. 4 Иштта, хьан диканиг а,
вониг а хIаллаквийр ву Аса, Сайн тур баттара
доккхур ду массо а стагана дуьхьал – къилбера
дуьйна къилбаседе кхаччалц. 5 ТIаккха массарна а
дIахуур ду, Со Веза Эла вуйла а, иштта Сан баттара
даьккхина долу тур юха цу чу дуьжур доцийла а‟.
6 Ткъа ахьа, адаман кIант, гIайгIане узарш де, дог
дохарца узарш де массарна а хьалха. 7 Цара хьоьга
хьаттича: „Ахьа узарш стенна до?‟ – ахьа ала деза:
„Вайна тIекхочуш болу хаам бахьана долуш до. Иза
тIекхаьчча, хIораннан дог, Iадийна, дешар ду,
массеран а куьйгаш, чуьра са дIадаьлча санна,
охьагIур ду, хIораннан а са кхачалур ду, голаш, хи
санна, егор ю. ЛадогIа, и хаам тIекхочуш ма бу, иза
кхочушхир ма ду‟». Иштта боху Хьалдолчу Эло.
8 Соьга Везачу Элан дош кхечира: 9 «Адаман кIант!
Соьгара нахана хаам бе. ДIаала цаьрга: „Иштта
боху Хьалдолчу Эло:

‘Туьре хьажал!
И тур ирдина а ду,
заьнгала дина а ду.
10 Иза адамаш дайа ирдина,
стелахаьштиг санна къегийта заьнгала дина.
Даккхийдеш лела дезий вай?
Сан кIентан олаллин гIожан хIора диттах дог
долу.
11 Ас тур заьнгала дайтира,
иза караэцархьама.
И тур ира а ду, заьнгала дина а ду,
иза хIаллаквечун кара дIадалархьама.
12 Велха, узарш а деш, адаман кIант,
хIунда аьлча и тур Сан къомана а,
берриг а Исраилан элашна а дуьхьал даьккхина
ду.
Уьш Сан къомаца цхьаьна
хIаллакбина хир бу.
Цундела велха, хьайн некха тIе куьйгаш а
детташ.
13 Иза зер хир ма ду!
Делахь а хьан цу гIожах дог далахь,
хьан бала хир бац те?’ Иштта боху Хьалдолчу
Эло‟.

14 Ткъа ахьа, адаман кIант, Соьгара хаам бе,
куьйгаш вовшах а детташ. Тур шозза а, кхузза а
охьадожийта, и тур адамаш дайъийта лерина ду,
доккхачу хIаллакдарна а лерина ду, иза гонах
хьийзаш ма ду, 15 адамийн дегнаш дашорхьама а,
охьаэгнарш дуккха а хилийтархьама а. Церан
хIорра а кевнехь Аса хIаллакдайтаран тур
хIоттийна. ЭхI, ткъес санна къегийта дина ду иза,
хIаллакдайтарна даьккхина! 16 Аьтту агIор ирло, ва
тур! Аьрру агIор дIагIо! Хьайн иралла дIа мел
ерзийначу агIор дIагIо. 17 ТIаккха Ас куьйгаш
вовшах тухур ду, Ас Сайн оьгIазвахар Iабор ду. Иза
Аса боху, Везачу Эло».

## Бавелан паччахьан тур

18 Везачу Элан дош кхечира соьга: 19 «Адаман
кIант, Бавелан паччахь шен туьраца схьаваийта
шина некъан сурт дилла. И ши некъ цхьана
махкара схьабогIуш хила безаш бу. Некъан
билгало дIахIоттае некъ бекъалучу гIалахь. 20 Тур
схьадогIуш болчу некъийн сурт дилла. Цхьа некъ
Iамминхойн Рабба-гIала боьдуш бу, ткъа важа некъ
ЯхIуд-махкарчу чIагIйинчу Ярушалайме боьдуш бу.
21 Бавелан паччахь некъ бекъалучу меттехь соцур
ву, ша муьлхачу новкъа ваха веза хьожуш пал
тасархьама. Цо секхаIодан пхерчий лестор ду, шен
цIерачу цIушка хоьттур ду, экханан доIахе хьоьжур
ву. 22 Цуьнан аьтту куьйга, Ярушалайме гIо аьлла,
кхаж бер бу. Иза, оцу кхоже хьаьжжина, цигахь
оганаш херцош долу бIогIамаш дIахIитто а, адам
хIаллакде, аьлла омра дан а, тIеман орца даккха а,
гIалин кевнаш дохо гIирс дIахIотто а, гIалин гонах
лаьттан гунаш дан а, гIала схьаяккхархьама
кхиболу тIеман гIирс дIахIотто а безаш ву. 23 И
тесна пал Ярушалайман бахархошна харц хетар бу,
хIунда аьлча цара бавелхошца барт бина! Делахь а
Бавелан паччахьо царна дагадоуьйтур ду уьш
бехке хилар, ткъа цо уьш схьалоцур бу». 24 Цундела
Хьалдолчу Эло боху: «Шайн аьрхалла дIа а
йовзуьйтуш, шаьш мел дечу гIуллакхашкахула
шайн къинош дIа а гойтуш, шаьш бехке хилар
гайтира аша. Ткъа аша шаьш шайн бехке хилар
дагадаийтарна, шу ницкъаца схьалоьцур ду.
25 Ткъа хьо, Исраилан халкъан зуламе куьйгалхо,
хьан тIаьхьхьара де тIекхаьчна, оцу дийнахь хьуна
кхоччуш таIзар дийр ду». 26 Хьалдолчу Эло боху:
«ДIаяккха хьайн коьртара чалба а, дIадаккха *таж* а.
Хийцамаш бен хан тIекхаьчна. Лакхарнаш
лахабаьхна хир бу, ткъа лахарнаш лакхабохур бу.
27 ХIуй-пака! ТIепаза! Аса хIокху гIаланах дамардарц
дийр ду. Амма иза хир дац, цунна кхел яр шен кара
дIаделларг схьаваллалц. ТIаккха Аса иза Цунна
дIалур ю».

## Тур а, Iамминхой а

28 †«Адаман кIант, Соьгара хаам бе нахе. ДIаала
цаьрга: „Хьалдолчу Эло иштта боху Iамминхошка,
исраилхойх ца бешаш болчу:

‘Туьре хьажал!
И тур баттара даьккхина ду,
заьнгала дина а ду адамаш хIаллакдархьама а,
стелахаьштиг санна, къагийтархьама а.
29 Хьуна дуьхьалхIиттина суьрташ эрна ду, ткъа
пал тийсар а харцдерг ду. Тур зуламечу нехан
логгехь ду, церан тIаьххьара де тIекхаьчна, оцу
дийнахь царна кхоччуш таIзар дийр ду.
30 Батта юхадилла тур. Ас кхел йийр ю хьуна, хьо
кхоьллинчу меттехь, хьо дуьнен чу ваьллачу

† *21:28-32 Ярми-ЯхIу 49:1-6; Яхьазкхиал 25:1-7; Iамос 1:3-15; Цапни-ЯхIу 2:8-11.*

лаьтта тIехь. [31] Ас Сайн оьгIазалла хьуна тIе яссор
ю, ткъа Сайн дераллин цIерца хьуна тIе садоьIур
ду. Ас къизачу нахе дIалур ву хьо, адамаш хьийзо
корматалла карайирзина болчу. [32] Хьо цIарна дечиг
хилла дIахIуттур ву, хьан цIий хьан лаьтта тIехь
Iанор ду, хьо цхьанна а дагавогIур вац. Веза Эла
волчу Ас боху иза’“».

### Ярушалайман зуламаш

22 Соьга Везачу Элан дош кхечира: [2] «Адаман
кIант! Цунна кхел йийр юй те ахь? Хьуна
лаьий те цIий Iанийначу Ярушалайм-гIалина кхел
ян? Цо мел лелийна вониг цунна дIагайта. [3] ДIаала
цаьрга: „Иштта боху Везачу Эло: ‘Ва гIала, хьайна
чохь цIий Iенорна, ахь хьайна бохам ма боккху,
хьайна цIуш а беш, хьуо Суна хьалха бех ма йо.
[4] Айхьа Iанийна долу цIий бахьана долуш, ахьа хьо
бехке йина, айхьа бина цIуш бахьана долуш, хьо
Суна хьалха бех а йина. Хьан тIаьххьара де
тIекхаьчна, хьан заманан чаккхе уллоеана.
Цундела Ас кхидолу къаьмнаш хьох кхордуьйтур
ду, массо а мехкаш хьох доьлуьйтур ду. [5] Хьуна
уллохь берш а, генахь берш а хьох боьлур бу, ва
боьхаллина цIеяхана, карзахаллех юьзнарг.
[6] Исраилхойн куьйгалхошка хьажал. Царах
хIораммо а хьуна чохь шен ницкъаца цIий
Iанадора. [7] †Ярушалайман бахархоша шайн дай-
наний емалдо, кхечу мехкашкарчу нахана гIело йо,
бисина Iаш болу зударий а, бобераш а ледо. [8] ††Ахьа
Суна деза хетарш а ца лору, иштта Суна лерина
шоьтан де а ца лору. [9] Хьан бахархойх цхьаболчара
кхечу нахана мотт бетта, уьш байъийтархьама.
Цхьаболчара лаьмнашкахь йолчу езачу
меттигашкахь цIушна сагIина еана яа хIума а йоу,
дегаза гIуллакхаш а леладо. [10] ‡Цхьаберш шайн
дайн зударшца дIабуьйшу, ламаз доьхна болу
зударий а хьийзабо цара. [11] Цхьаверг шен
доттагIчун зудчуьнца лела, важа шен несаца лела,
вукхо шен ден йоI йолу шен йиша хьийзайо.
[12] ‡†Ярушалаймехь ахчанах нах бойъу, юхалург
деллачу ахчанна тIера ял йоккху, шена уллохь
волчуьнгара леварца са йоккху, ткъа Со вицвина
цара’, – боху Хьалдолчу Эло.
[13] ‘Нах лебарца аша са яккхарна а, иштта шайна
юкъахь цIий Iенорна а, Аса сайн куьйгаш
вовшахтоьхна. [14] Сатохалур дуй те хьан даге, чохь
са долуш санна хир дуй те хьан куьйгаш, Ас хьуна
бекхам бечу заманахь? Веза Эла волчу Аса иштта
элира, ткъа Айса аьлларг кхочуш а дийр ду Аса.
[15] Аса дIасадаржор ду шу кхечу къаьмнашкахула а,
дIасакхуьссур ду шу кхечу мехкашкахула а. Суна
хьалха шу цIена цахилар чекхдоккхур ду Аса. [16] Хьо
кхечу къаьмнашна хьалха сийсазъяьккхина хир ю.
ТIаккха хуур ду хьуна, Со Веза Эла вуйла’“».

### Нах цIанбеш болу Делан кхерч

[17] ТIаккха соьга Везачу Элера дош кхечира:
[18] «Адаман кIант! Исраилан халкъ Суна хьалха
боьханиг санна хилла дIахIоьттира. Кхерчахь
тIехула хIутту гIели а, цIаста а, эчиг а, даш а санна
хилира иза. Дети кхерчахь цIандинчул тIаьхьа
дисина долу боьханиг санна ду и халкъ! [19] Цундела
иштта боху Хьалдолчу Эло: „Шу боьханиг санна
хилла дIахIиттина дела, Ас шу дерриш а
Ярушалаймана чу схьагулдийр ду. [20] Дети а, цIаста
а, эчиг а, даш а, гIели а цхьаьна а тухий, кхерчана
юккъе дуьллу, цIе марса а йоккху, уьш
дашийтархьама. Аса а, Сайн оьгIазаллица а,
дераллица а шу схьа а гулдина, Ярушалайм-гIалина
чу а дехкина, лалор ду. [21] Шу схьа а гулдина, Ас
Сайн оьгIазаллин цIеран Iаь тухур ю шуна тIе,
тIаккха шу цу юкъахь лелар ду. [22] ЦIергахь лелаш
долу дети санна, шу а лелар ду цу юкъахь. ТIаккха
хуур ду шуна, Веза Эла волу Со вуйла, шуна тIе
Сайн даралла йоссийнарг“».

### Исраилхойн баьччанийн къинош

[23] ТIаккха соьга Везачу Элан дош кхечира:
[24] «Адаман кIант! ДIаала Исраил-махке: „Дала
бекхам бечу дийнахь хьо цIанбаза бисина мохк а
бу, хьан лаьтта тIе догIа а ца деана!“ [25] Мехкан
пайхамарш зуламечу ойланашца вовшахтийсало,
шен ижу а цоьстуш, гIигI деш долу лом санна. Цара
дуккха а нах хIаллак а бо, цаьргара хьал а,
жовхIарш а схьа а доху, уьш бахьана долуш бисина
Iаш болу зударий махкахь алсамбуьйлуш бу.
[26] ‡‡Мехкан динан дайша Сан товрат-хьехамаш дIа а
тотту, Суна лерина хIуманаш сийсаз а йоху, дезаниг
деза доцучух дIа ца къастадо, иштта хьанал дерг
хьарамчух а дIа ца къастадо. Цара Суна лерина
шоьтан де а ца лору. И хIума лелорца Цара Со а
бехво. [27] Мехкан куьйгалхой ижу дIасаийзош йолчу
берзалойх тера бу. Нехан цIий а Iенош, уьш байъа
а бойъуш, шайна са лоьху цара. [28] Мехкан
пайхамарш вочу пена тIехь кир тухуш санна лела,
хIунда аьлча царна эрна суьрташ а го, цара
харцболу пал а туьйсу. Цара боху: „Иштта олу
Хьалдолчу Эло“, Веза Эла волчу Аса шайга хIумма а
ца дийцинехь а. [29] Мехкан наха кхиберш Iехабо,
талораш до, къечунна а, мискачунна а гIелонаш
йо, кхечу махкара тIебаьхкина нах а хьийзабо.
[30] Пен тобан, пенна Iуьрг даьллачу метте мехкан
дуьхьа дIахIотта стаг лийхира Ас, Соьга и мохк
хIаллак ца байтархьама, амма Суна иза ца карийра.
[31] Цундела Ас Сайн оьгIазалла дIагойтур ю царна,
Сайн дераллин цIерца Ас хIаллакбийр бу уьш, цара
мел лелийнарг царна дуьхьал доккхур ду Аса».
Иштта боху Хьалдолчу Эло.

† *22:7 а: Арадаккхар 20:12; Карлабаьккхинарг 5:16; б: Арадаккхар 22:21, 22; Карлабаьккхинарг 24:17.* †† *22:8 Iамалъяр 19:30; 26:2.* ‡ *22:10, 11 Iамалъяр 18:7-20.* ‡† *22:12 Арадаккхар 23:8; Карлабаьккхинарг 16:19; Арадаккхар 22:25; Iамалъяр 25:36, 37; Карлабаьккхинарг 23:19.*

‡‡ *22:26 Iамалъяр 10:10.*

### Къинош летош болу йижарий

23 Везачу Элан дош кхечира соьга: 2 «Адаман
кIант! Цкъа ши зуда хилла – цхьана ненан ши
йоI. 3 Шаьшшиъ къона йолчу хенахь дуьйна
Мисар-махкахь церан нахаца лелаш хилла и шиъ.
Мисар-махкахь церан накхош хьеккхийна, куьг
тохаза йолу накхойн юьхьигаш Iийдина. 4 Йоккхаха
йолчун цIе УхIулат † яра, жимаха йолчун –
УхIулибат ††. И йижарий Сан бара, цара Суна
кIентий а, зудабераш а дора. УхIулат – иза Шамран-
гIала ю, ткъа УхIулибат – иза Ярушалайм-гIала ю.
5 УхIулат, Суна тешаме а йоцуш, нахаца лелара. Иза
ашурхой болчу шен безаргашца лела марзъеллера.
Уьш бара сийна духарш дуьйхина болу тIемалой а,
мехкадай а, меттиган куьйгалхой а. Уьш массо а
хаза къонахой бара, говза дошлой болу. 7 ТIаккха
иза берриг а оцу къоначу кIенташца лела
йолаелира, ткъа уьш Ашур-махкара уггар тоьлла
кегий нах бара. Боьхачу лаамех а юьзна, ша мел
лелла цIуш бахьана долуш, ша Далла хьалха
бехйира цо. 8 Мисар-махкахь йолуш ша долийна
долу нахаца лелар ца дитира цо. Иза къона йолчу
хенахь божарий буьйшура цуьнца, цуьнан куьг
тохаза йолу накхойн юьхьигаш Iуьйдура цара,
шайн хьайна хилар цунна тIе а дассадора. 9 ТIаккха
Аса иза шен безаргийн кара дIаелира. Иза
ашурхошца лела марзъеллера, церан кара Аса иза
дIа а елира. 10 Цара иза ерзина яькккхира, цуьнан
кIентий а, зудабераш а схьадехира цара, ткъа иза
ша туьраца йийра. Цунна и таIзар динчу хенахь
зударша иза, сийсазйохуш, юьйцура.
11 Цуьнан жимаха йолу йиша УхIулибат и дерриг а
гуш яра, амма цунна нахаца лела лаар кхин а чIогIа
гена даьллера, иза шен йишел а чIогIа нахаца
лелаш яра. 12 Иза ашурхошца – мехкадайшца а,
меттиган куьйгалхошца а, хаза духарш дуьйхина
болчу тIемалошца а, говза дошлошца а – лела
марзъелира. Уьш берриш а тоьлла къонахой бара.
13 Суна гира, цо а ша Суна хьалха бехйина хилар.
ШолгIа йиша а хьалхарчун некъа яьллера.
14 УхIулибатан Суна тешаме цахилар кхин а
генадаьллера. Шена пенаш тIехь басаршца
дехкина цIен духар дуьйхина хашадхойн божарийн
суьрташ гича, цо шен нахаца лелар кхин а
алсамдаькккхира. 15 Хашадхоша гIодаюккъехь
доьхкарш леладора, церан кортош тIе техкина хаза
чалбанаш яра. Уьш берриш а, тIехьаьжча,
лакхарчу даржехь болчу тIеман хьаькамех тера
бара, Хашад-махкахь бина болчу бавелхойн элех
тера а болуш. 16 УхIулибат цаьрца, цкъа
дIахьожжушехь, массаьрца а лела марзъелла. Цо
бавелхой болчу шен геланчаш бахийтира. 17 Ткъа
уьш, схьа а баьхкина, УхIулибатан меттахь цуьнца
дIабийшира. Шайн боьха леларца цара иза Далла
хьалха бехйира. Иштта ша бехйича, иза шен
безаргех, дог а даьлла, дIайирзира. 18 УхIулибата
цхьаннах а хьул ца дора шен нахаца лелар, цо шен
дегI божаршна дIаделира. ТIаккха Со цунах
дIавирзира, цуьнан йишех ма-верззара. 19 Амма
иза нахаца лелачуьра ца сецира. Цо ша къона
хилла зама дагаоьхуьйтура, ша Мисар-махкахь
нахаца лелар шена дагахь а латтош. 20 Виран
санна, дегI долчу а, бокъий санна хьайна болчу а
шен безаргашца леларан лаамех юьзна яра иза.
21 УхIулибат, хьуна дагаеана хьо къона хилла йолу
зама, Мисар-махкахь хьан везарго хьайн накхойх
куьйгаш а Iуьттуш, куьг тохаза йолу накхойн
юьхьигаш Iуьйдуш хилла йолу зама».

### Жимаха йолчу йишина Дала кхел яр

22 Цундела, УхIулибат, Хьалдолчу Эло иштта боху:
«Хьуна кIордийна хьайн безаргаш, амма Ас массо а
маьIIера уьш кхуза схьакхойкхур бу, тIаккха цара
хьуна го бийр бу. 23 Ас уьш берриш а схьабалор бу:
берриг а хашадхойх болу бавелхойн элий,
Пакхудера а, ШуIагара а, КхуIагара а божарий,
цаьрца цхьаьна Ашур-махкара элий а. Уьш берриш
а хаза къонахой бу, мехкадай а, меттиган
куьйгалхой а, лакхарчу даржера болу тIеман
хьаькамаш а. Ткъа уьш берриш а говза дошлой бу.
24 Уьш хьуна тIелетар бу герзашца а, гIудалкхашца
а. Церан йоккха тоба хир ю, доккхачу а, жимачу а
турсашца а, гIемашца а. Цара хьуна го бийр бу,
ткъа Ас хьо церан кара дIалур ю, цаьрга хьуна
тIехь кхел яйтархьама. Иштта цара, шайн
Iадаташка хьаьжжина, хьуна таIзар дийр ду. 25 Сайн
эмгаралла Ас хьуна дуьхьал йоккхур ю, уьш, оьгIаз
а бахана, хьуна дуьхьал бевр бу, цара хьан мара а,
лергаш а дохур ду, ткъа хьох тIаьхьадиснарг туьро
хIаллакдийр ду. Цул тIаьхьа цара хьоьгара кIентий
а, зудабераш а схьадохур ду, ткъа диснарг цIарца
дагор ду. 26 Цара хьан хаза духар а, жовхIарш а
дIадохур ду. 27 Ас сацор ду хьан боьха лелар а, хьан
нахаца лелар а, ахь Мисар-махкахь долийна долу.
Хьо оцу леларе кхин цкъа а лаамца хьоьжур яц,
ткъа Мисар-мохк дагабогIур а бац хьуна».
28 Хьалдолчу Эло иштта боху: «ХIинца Ас хьо хьуна
ца безаш болчеран кара дIалуш ю, хьан дог шайх
дIадирзинчеран кара. 29 Цара гойтур бу хьуна шайн
цабезам, цара, ахьа къахьегна даькккхинарг дIа а
даькккхина, хьо ерзина юьтур ю. Хьан нахаца лелар
а, боьха лелар а, кхахьпалла а массарна а гуш хир
ду, хьо юьхьIаьржачу а хIоттош. 30 И дерриг а хьуна
дийр ду, хIунда аьлча хьо кхечу къаьмнашца лела
марзъелира, церан цIушна Iамалъярехула хьо бех
а еш. 31 Хьо хьайн йишас дIакхехьначу некъа тIе
елира. Цундела Ас хьоьга дIалур бу цуьнан
таIзаран кад».
32 Хьалдолчу Эло иштта боху:
«Хьайн йишин кад ахьа дIамер бу.
Иза кIорга а, шуьйра а бу.
Массо а хьох кхордуьйту цо.

† *УхIулат *– Iебархойн маттахь «цуьнан деза четар» бохург ду.** †† *УхIулибат *– Iебархойн маттахь «цунна чохь долу сан деза четар» бохург ду.**

И кад буьззина ма бу!
33 Хьо ехна а хир ю, цо гIайгIанех юзур а ю хьо.
ХIаллакьхиларан, Iожаллин кад
хьан йиша йолчу Шамран-гIалин ма бу.
34 И кад ахьа дIамер бу берриг а,
ткъа иза кагбелча, цуьнан аьхкашна тIе мотт хьоькхур бу ахьа,
хьайн накхош а схьадохур ду ахьа.
И иштта хир ду, иза Ас, Хьалдолчу Эло, аьлла дела».
35 Цундела Хьалдолчу Эло иштта боху: «Со виц а
вина, Суна букъ берзорна, ахь бала лан беза хьайн
боьха леларна а, хьайн нахаца леларна а».

## Йижаршна йина йолу Делан кхел

36 Везачу Эло соьга элира: «Хьо кийча вуй
УхIулатна а, УхIулибатна а кхел ян? Цара лелийна
мел долу дегазчу хIуманех лаций дIаала цаьрга.
37 Уьш нахаца лелла, церан куьйгаш тIехь нехан
цIий ду. Шайн цIушца а лелла уьш. Шаьш Суна
бина болу кIентий а цара, цIерах чекх а бохуьйтуш,
цIушна кхачанна дIалора. 38 Суна дуьхьал а бовлуш,
кхин а иштта хIуманаш дора цара: оццу хенахь
цара Сан еза меттиг бех а йора, Суна лерина
шоьтан денош сийсаз а дохура. 39 Шайн бераш
шайн цIушна сагIина даьхьначу дийнахь, цара Сан
еза меттиг, чу а бовлий, сийсазйоккхура. Иштта
лелара уьш Сан цIа чохь.
40 Иза дина а ца Iаш, цара кхечу мехкашкара
баьхкинчу нахана тIаьхьа шайн геланчаш
бохуьйтура. Уьш схьабаьхкича, хьо, хьайн юьхь а
юьлий, бIаьргашна басар а хьоккхий, хьайна тIе
жовхIарш а духий, дIахIуттура. 41 ТIаккха шу хаза
кечбинчу метта довлура. Цу метта хьалхахь
лаьтташ хаза кечйина стол а хуьлура, цунна тIехь
лаьтташ Сан хаза хьожа йогIу хIуманаш а, Сан
даьтта а долуш. 42 Хьан цIенна чуьра хезаш хуьлура
тойне гулъеллачу тобанан гIовгIа. Оцу тойне
схьабалабора яьссачу аренгара мелла болу нах.
Цара зударшна хаза хIазарш а, исбаьхьа таьжнаш а
лора. 43 ТIаккха Аса элира: „Нахаца а лелаш,
ямартло еш йолу и зуда гIелъеллехь а, цуьнца
божарша кхахьпалла леладо“. 44 Божарий юх-юха а
иза йолчу оьхура, кхахьпа долчу санна. Иштта
боьха лелаш йолчу УхIулатна а, УхIулибатна а
тIеоьхура уьш. 45 Амма бакъахьа лелаш болчу
божарша царна бехк буьллур бу. Цара кхел йийр ю
царна, нахаца лелаш а, цIий Iенош а болчу
зударшна санна, хIунда аьлча уьш нахаца лелаш а
бу, церан куьйгаш цIийх дуьзна а ду».
46 Иштта боху Хьалдолчу Эло: «Схьагулъе адамийн
тоба, цаьрга УхIулатна а, УхIулибатна а тIехь ницкъ
байта а, къола дайта а. 47 Цул тIаьхьа
гулбеллачеран тобано царна тIе тIулгаш кхуьссур
ду, таррашца уьш цоьстур а бу, цу зударийн
кIентий а, зудабераш а дойур а ду цара, иштта
церан цIенош а дохор ду. 48 Ас иштта сацор ду кху
махкахь боьха лелар, кхиболчу массо а зударшна
хIара хIума дIахьедар а деш, уьш нахаца ца
лелийтархьама. 49 Шуна таIзар дийр ду шун боьха
лелар бахьана долуш, иштта цIушна Iамал а еш,
аша летийначу къиношна жоп дала дезаш а ду шу.
ТIаккха хуур ду шуна, Со Хьалдолу Эла вуйла».

## Ярушалайм тIелеттачу ачанца юстар

24 Халкъ Бавеле дIадигначул тIаьхьа
уьссалгIачу шеран уьтталгIачу беттан
уьтталгIачу дийнахь соьга Везачу Элан дош
кхечира: 2 †«Адаман кIант! ДIаязде хьайна хIара де
а, хIунда аьлча кху дийнахь Бавелан паччахьан
эскаро Ярушалаймана го бина. 3 Даладе аьрхачу
Исраилан халкъана хIара хьекъале дустар, дIаала
цуьнга: „Иштта боху Хьалдолчу Эло:
‘Яй цIерана тIе а хIоттабай,
цу чу дуьззина хи дотта.
4 Цу яй чу жижиг дилла,
уггар дикачу меттера схьа а даккхий –
пханар тIера а, гIогIа тIера а жижиг,
иштта дика даьIахкаш чу а яхкий,
хьалабуза и яй.
5 Жена юкъара уггар дика уьстагIий схьа а эций,
яйна буха цIе латае,
хи кхехкаде,
цу чуьра даьIахкаш дикка кхехккалц’“».
6 Хьалдолчу Эло иштта боху:
«Къа ду цIий Iанадечу гIалин.
Иза мекханан томмагIаш тIехь долчу ех тера ю,
шена тIера телхинарг дIа ца даьллачу.
Цу чуьра дакъош схьадаха,
царах кхаж а ца тосуьйтуш.
7 Iанийна цIий цунна чохь ма ду.
Иза тархана тIехь дитина цо,
лаьтта тIе охьа а ца Iанош,
цу тIе чан ца йиллийта.
8 Ас цIий тIулгаш тIехь дитина,
иза къайлла ца даккхийта.
Ас иза дина адам оьгIаздахийта,
цаьрга хIаллакбиначеран чIир эцийта».
9 Цундела Хьалдолчу Эло иштта боху:
«Къа ду цIий Iанадечу гIалин.
Ас-Айса йоккха цIе латор ю.
10 Дуккха а дечиг тIекIел а диллий,
цунах цIе латае.
Кхехкаде и жижиг,
яй чохь ерг юкъ а елла,
даьIахкаш яггалц.
11 Бассабелла яй кIегаш тIе хIоттабе,
цуьнан цIаста, дох а делла, къагийтархьама.
Иза диларех цIанбийр а бу,
цунна тIера ерриг а ачо дIаккхоллур а ю.
12 Иза хала болх бу,
хIунда аьлча цунна тIера,
цIе ягийча а,
йоккха ачо дIаер яц.

---

† *24:2 ТIаьххьарнаш 25:1; Ярми-ЯхIу 52:4.*

13 Хьан боьха леларца хьо дукха бехбелла,
цундела Ас хьо мел цIанбарх а, цIан а ца ло хьо.
ХIинца чул тIаьхьа а хьайн бехбаларх хьо цIанлур
бац, Ас хьайна тIехь Сайн дералла Iабаяллалц.
14 Веза Эла волчу Ас аьллера. Айса аьлларг Аса
кхочушдан деза хан тIекхаьчна. Аса кхин
тIаьхьатоьттур яц и хан, хьох къа а хетар дац Суна,
хьох къинхетам а бийр бац Аса. Хьан леларе а, ахь
мел диначуьнга а хьаьжжина, Аса кхел йийр ю
хьуна». Иштта боху Хьалдолчу Эло.

### Пайхамаран зудчун кхалхар

15 Соьга Везачу Элан дош кхечира: 16 «Адаман
кIант! Хьуна дукхаезашъерг хьоьгара схьаяккха
воллу Со. Иза кестта лийр ю, амма хьо гIайгIане
лела ца веза, бIаьрхиш дийла ца деза хьан
бIаьргех. 17 Цхьанна а ца хозуьйтуш, даккхий
синош даха, чIогIа тийжа а ца тийжаш. Хьайн
коьртара чалба дIа а ма яста, мачаш кога а юха,
хьайн маж къайлайа а ма яккха, тийжаран кхача а ма
баа».
18 Iуьйранна аса нахаца къамел дира. Цу
суьйранна сан зуда кхелхира. Ткъа шолгIачу
дийнахь Iуьйранна аса Везачу Эло сайга аьлларг
дира. 19 Халкъо соьга элира: «Алахьа тхоьга, и
дерриг а тхуна хIун маьIна долуш хIума ду?»
20 Ткъа аса цаьрга элира: «Соьга Везачу Элан дош
кхечира, 21 Исраилан халкъе дIаала: „Иштта боху
Хьалдолчу Эло: ‘Сан дезачу цIийнах шу дозалла
деш делахь а, иза шун чIагIо елахь а, иза шуна
хьежа лууш йолу меттиг елахь а, иза шуна баккъал
дезахь а, Со иза бехдан воллу. Ткъа аша битина
болу шун кIентий а, зудабераш а туьро
хIаллакбийр бу. 22 Ткъа аша Яхьазкхиала диннарг
дийр ду: шайн мажош аша къайлайохур яц,
тийжаран кхача а аша буур бац. 23 Шун кортош
тIехь йихкина чалбанаш хир ю, когахь шайн
мачаш а хир ю шун, шу тийжар а дац, доьлхур а
дац, амма шайн къинош бахьана долуш телхар ду
шу, вовшашна хьалха даккхий синош а дохуш’.
24 Яхьазкхиал масална хир ву шуна: цо диннарг аша
а дийр ду. И дерриг а кхочушдича, хуур ду шуна, Со
Хьалдолу Эла вуйла“».
25 «Ткъа хьох лаьцна аьлча, адаман кIант, Аса
церан чIагIо а, хазахетар а, сийлалла а, царна
хьежа лууш йолу меттиг а, царна баккъал дезаш
дерг а, иштта церан кIентий а, мехкарий а
схьабаьхча, 26 цу дийнахь цигара
кIелхьарваьллачех волу цхьаъ вогIур ву хьуна тIе
вон кхаъ бахьаш. 27 Цу дийнахь хьан йиш хир ю цу
кIелхьарваьллачуьнца къамел дан. ТIаккха хьо
вист ца хуьлуш вуьсур вац, иштта царна билгало
хилла дIа а хIуттур ву хьо. ТIаккха хуур ду царна, Со
Веза Эла вуйла».

### Iамминхойн къомана дуьхьал болу Делера хаам

25 †Везачу Элан дош кхечира соьга: 2 «Адаман
кIант! Iамминхойн къомана дуьхьал вист а
хилий, Соьгара болу хаам бе цуьнга. 3 ДIаала
Iамминхошка: „ЛадогIа Хьалдолчу Элан даше.
Иштта боху Хьалдолчу Эло: ‘Аша сакъералуш:
‹Жолам-яI›, – олура, Сан еза меттиг
сийсазъяьккхича, шу Исраилан махках доьлура,
иза бассийначу хенахь, шу ЯхIудан халкъах
кхаьрдара, иза йийсаре дIадуьгучу хенахь. 4 Шу
иштта леларна Аса шу малхбалехьарчу нахе дIалур
ду. Цара шун латта дIалоцур ду, церан эскарша шун
лаьтта тIехь шайн *меттамотт* дIахIоттор бу, уьш
шуна юкъахь баха а ховшур бу, шун стоьмаш а
бууш, шун шура а муьйлуш. 5 Ас Рабба-гIала
эмкалийн дежийла йина дIахIоттор ю, ткъа
Iамминхойн мохк уьстагIийн керт йина дIахIоттор
бу. ТIаккха хуур ду шуна, Со Веза Эла вуйла’.
6 Хьалдолчу Эло боху: ‘Ярушалайм хIаллакьхилар
бахьана долуш тIараш детташ, когаш бетташ,
Исраил-махках даггара кхаьрдаш, шу сакъералуш
хиларна, 7 Аса Сайн куьг шуна дуьхьал дIакховдор
ду, Ас кхечу къаьмнашка талораш дойтур ду шуна.
Ас кхечу къаьмнех дIа а хадор ду шун къам, иштта
кхечу мехкех дIа а хедар бу шун мохк. Ас
хIаллакдийр ду шун халкъ, тIаккха хуур ду шуна, Со
Веза Эла вуйла’“».

### Муабин къомана дуьхьал болу Делера хаам

8 ††Хьалдолчу Эло иштта боху: «Муаби-къомо а,
СеIир-къомо а дуьйцура: „ЯхIудан къам кхидолу
къаьмнаш санна ду“, – бохуш. 9 Цундела Ас Муаби-
мехкан дозанашкахь йолу гIаланаш схьайохур ю,
царна юкъахь мехкан уггар хаза гIаланаш – Байт-
Яшимут а, БаIал-МаIун а, Кхиръятим а – елахь а.
10 Ас и мохк, Iамминхошца цхьаьна, малхбалерчу
халкъашна дIалур бу, кхечу къаьмнашна
Iамминхой кхин дага а ца бахкийтархьама. 11 Ас
таIзар дийр ду Муаби-къомана, тIаккха хуур ду
царна, Со Веза Эла вуйла».

### Эдоман къомана дуьхьал болу Делера хаам

12 ‡Хьалдолчу Эло иштта боху: «ЯхIудан халкъана
къиза бекхам барна, Эдоман къомо шех доккха къа
а латийна, иза чIогIа бехке а хилла. 13 И хIума
бахьана долуш, – боху Хьалдолчу Эло, – Ас Сайн
куьг дIакховдор ду Эдомна дуьхьал, цуьнан халкъ
а, дийнаташ а хIаллакдийр ду. Теманна тIера
Дадданна тIе кхаччалц Ас цуьнан мохк бассор а бу,
массо а туьро хIаллакдина а хир ву. 14 Сан къам
долчу Исраилан халкъан гIоьнца Ас бекхам бийр
бу Эдомна. ТIаккха цара Сан оьгIазвахаре а, Сан

† *25:1-7 Ярми-ЯхIу 49:1-6; Яхьазкхиал 21:28-32; Iамос 1:13-15; Цапни-ЯхIу 2:8-11.* †† *25:8-11 ЕшаI-ЯхIу 15:1–16:14; 25:10-12; Ярми-ЯхIу 48:1-47; Iамос 2:1-3; Цапни-ЯхIу 2:8-11.* ‡ *25:12-14 ЕшаI-ЯхIу 34:5-17; 63:1-6; Ярми-ЯхIу 49:7-22; Яхьазкхиал 35:1-15; Iамос 1:11, 12; Iабди-ЯхIу 1:1-14; Малъаки 1:2-5.*

дера хиларе а хьаьжжина, хIума дийр ду цигахь.
ТIаккха бевзар бу царна Сан бекхам», – иштта боху
Хьалдолчу Эло.

### ПIелаштамхойн къомана дуьхьал болу Делера хаам

15 †Иштта боху Хьалдолчу Эло: «ПIелаштамхоша
къиза бекхам бора, ЯхIудан халкъах уьш даггара
кхаьрдара, бIешерашкара дуьйна йолчу шайн
инкарлонца халкъ хIаллакдар лоьхура. 16 И хIума
бахьана долуш, – боху Хьалдолчу Эло, – Ас Сайн
куьг дIакховдор ду пIелаштамхошна дуьхьал. Ас
кератхой а дIабохур бу, хIордан йистехь бисина
берш а хIаллакбийр бу. 17 Ас чIогIа бекхам бийр бу,
Сайн дераллица царна таIзар а деш. Ас шайна
тIехь бекхам бича, хуур ду царна, Со Веза Эла
вуйла».

### Цора-гIалина дуьхьал болу Делера хаам

26 ††Халкъ Бавеле дIадигначул тIаьхьа
цхьайтталгIачу шеран хьалхарчу беттан
хьалхарчу дийнахь соьга Везачу Элан дош кхечира:
2 «Адаман кIант! Цора-гIалин бахархоша вониг
дуьйцура Ярушалаймах лаьцна: „Жолам-яI! Кхидолу
къаьмнаш долчу кхочуш долу ков хилла йолу и
гIала йохийна ю! Йохкар-эцаран неI тхуна схьа-ма-
йиллина! И гIала хIуй-пака а яьккхина, тхайна хьал
схьагулдийр ма ду оха!“
3 Цундела Хьалдолу Эла волчу Аса боху: „Со хьуна
дуьхьалваьлла ву, Цора-гIала. Ас хьуна
дуьхьалдоккхур ду дуккха а халкъаш. Уьш хьуна
тIегIуртур ду, хIордан йистана тулгIенаш тIе-ма-
гIорттара. 4 ТIаккха Цора-гIалин пенаш дохор ду,
иштта йохийна хир ю цуьнан бIаьвнаш а. Ур-
атталла къапалг Аса арахьоккхур ю цигара, цунах
ерзина *тарх* а еш. 5 Цора-гIала хIорда юккъехь
чIерийлецархойн бойнаш якъош йолу меттиг
хилла дIахIуттур ю, – боху Хьалдолу Эла волчу Аса. –
Цора-гIалина кхечу къаьмнаша талор дийр ду.
6 Ткъа гIайренна дуьхьал хIордан йистехула
лаьтташ болу цуьнан мехкарий туьро хIаллакбийр
бу. ТIаккха царна хуур ду, Со Веза Эла вуйла“.
7 Хьалдолчу Эло иштта боху: „Ас Цора-гIалина
дуьхьалваккха къилбаседехьара Бавелан паччахь
волу Набухди-Нецар схьавалор ву. Иза паччахьийн
паччахь ву. Иза дуккха а адамийн эскарца а,
говрашца а, гIудалкхашца а, дошлошца а
схьавогIур ву. 8 Набухди-Нецара хIордан йистехула
лаьтташ болу хьан мехкарий таррашца
хIаллакбийр бу. Цо, гIала схьаяккхархьама, тIеман
гIирс а дIахIоттор бу, гIалина гонах лаьттан гунаш а
дийр ду, ша ларвархьама хьуна дуьхьал турсаш а
дохур ду. 9 Цо оганаш херцош долу бIогIамаш хьан
пенашна дуьхьал деттар ду, хьан бIаьвнаш
зIокбергашца йохор ю. 10 Цуьнан говраша
яьккхинчу чено хьо къайла а йоккхуш, дукха
говраш хир ю цуьнан. Хьан пенаш цуьнан говраша
а, гIудалкхаша а яьккхинчу гIовгIано дегор ду, иза
гIалин кевнехула, йохийначу гIалина чу ма-
ваххара, чувогIучу хенахь. 11 Шен говрийн
бергашца цо хьан гIалин урамаш дохор ду, хьан
халкъ цо таррашца отур ду, ткъа хьан андий
бIогIамаш лаьтта тIе охьадеттар ду. 12 Цара хьан
дерриг а хьолана талор дийр ду, хьан йохкаэцаран
хIуманаш шайна схьаоьцур ю. Иштта хьан пенаш а
дохор ду, хьан хаза цIенош а хIаллакдийр ду цара.
Цунах йисина къапалг а, дитташ а, латта а хIорда
чу кхуссур ду. 13 ‡Аса хьан ирсе эшарш сацор ю.
Адамашна кхин хезар дац хьан дечиг-пондарийн
аз. 14 Ас хьо, ерзина тарх а йина, дIахIоттор ю. Хьо
чIерийлецархойн бойнаш якъош йолу меттиг
хилла дIахIуттур ю. Хьо кхин юхаметтахIоттийна
хир яц, хIунда аьлча Аса, Везачу Эло, боху иза“.
Иштта элира Хьалдолчу Эло».
15 Иштта боху Хьалдолчу Эло Цора-гIале: «Хьо
южуш даьллачу татанах а, чевнаш хиллачара дечу
узарех а, хьуна чохь адамаш дайарх а, кхераделла,
дегор дац теша хIордан йистехь дехаш долу
къаьмнаш? 16 ‡†ХIордана йистехь йолчу массо а
пачхьалкхийн куьйгалхоша, шайн гIанташ тIера
хьала а гIевттина, шайна тIера хаза тIамарш тIехь
йолу обанаш дIа а яьхна, сингаттаман духар тIе
духур ду. Уьш, лаьтта охьа а хевшина, кхерарна,
бегош хир бу, хьуна хиллачух цец а буьйлуш. 17 Хьо
бахьана долуш тийжам а беш, цара бохур ду:

„Хьо къайла ма яьлла, ва цIеяхана гIала!
Хьуна чохь хIордахой Iаш ма бара.
Хьо хи тIехь ницкъ болуш лаьтташ ма яра,
хьо а, хьан бахархой а.
Цара кхерамехь латтабора
хIорда йистехь мел бехаш берш а.
18 Ткъа хIинца, хьо йоьжначу хенахь,
хIордана йистехь дехаш долу
дерриг а къаьмнаш кхерарна дегош ду.
ГIайренаш а ю кхерамах юьзна,
хьо хIаллакьхилар бахьана долуш“».

19 Хьалдолчу Эло иштта боху: «Ас хьо яссор ю,
чохь Iаш цхьа а стаг а воцуш йолу гIаланаш санна
хир ю хьо. Ас хьуна тIе хин тулгIенаш хьалаайор ю,
хьо цаьрга хин буха яхьийта. 20 Ас хьо эхарте
кхочуьйтур ю, ширачу заманашкара адамаш долчу.
Ас хьо лаьттан буха охьайохуьйтур ю, даима долчу
къапалгашна юкъахь, эхарте кхаьчначаьрца
цхьаьна. Хьуна чохь кхин цкъа а адамаш дехар
дац, иштта дийна болчеран дуьнен чохь хьан
сийлалла гойтур а яц. 21 ‡‡Ас хьох къемате масала
дийр ду, ткъа хьо кхин цкъа а хир яц. Хьо наха
лоьхур ю, амма кхин цкъа а хьо карор яц». Иштта
боху Хьалдолчу Эло.

† *25:15-17 ЕшаI-ЯхIу 14:29-31; Ярми-ЯхIу 47:1-7; Юал 3:4-8; Iамос 1:6-8; Цапни-ЯхIу 2:4-7; Закри-ЯхIу 9:5-7.* †† *26:1–28:19 ЕшаI-ЯхIу 23:1-18; Юал 3:4-8; Iамос 1:9, 10; Закри-ЯхIу 9:1-4; Маттай 11:21, 22; Лака 10:13, 14.*

‡ *26:13 Довзийтинарг 18:22.* ‡† *26:16-18 Довзийтинарг 18:9, 10.* ‡‡ *26:21 Довзийтинарг 18:21.*

### Цора-гIалина бина тийжам

27 Соьга юха а Везачу Элан дош кхечира:
[2] «Ахьа а, адаман кIант, дIадоладе Цора-
гIаланах лаций гIайгIане тийжар. [3] ДIаала хIорда
йистехь схьаеанчу меттехь яха хиънachу цуьнга,
хIордан йистехь дехаш долчу дуккха а къаьмнашца
йохкаэцар лелош йолчу цуьнга: „Иштта боху
Хьалдолчу Эло:
'Цора-гIала!
Ахьа хьо кхоччуш хаза ю боху.
[4] Хьан дозанаш хIордан юккъе кхечира,
хьо йинчара кхоччуш хаза хинкема санна йина.
[5] Санирехь кхуьучу зоьзан диттах йина ю хьан
ерриг а лакхенаш,
ткъа хьан мачтанаш Ливанун-ломахь тIекхуьуш
долчу баганан диттах йина ю.
[6] Хьан пийсакаш Башанера деанчу ножан диттах
дина дара.
Хьан цIенкъа Хитамарчу зоьзан дечиган аннех
йина яра,
пийлан кIомсарех кечйина йистош а йолуш.
[7] Хьан гатанаш Мисар-махкара деанчу тIамарш
йолчу кIадих дина дара,
уьш байракхаш санна дIатоьхна а дара.
Элша-гIайренна тIера деана стигалан басахь а,
таьIна-цIен а долу кIадеш хьан шаршу хилла
дIахIиттинера.
[8] ЦIаданера а, Арвадигара а бахархой бара хьан
пийсакаш лелорхой.
Ткъа хьан говза нах, ва Цора-гIала, кемалелорхой
бара.
[9] Кеманна даьлла Iуьргаш дIадукъуш
Гебалара говзанчаш а бара хьан.
ХIордан дерриг а кеманаш а, церан кемалелорхой
а
хьуна чохь хуьлура, хьоьца йохкаэцар а лелош.
[10] Парси-махкара а, Луда-махкара а, ПIатIа-
махкара а тIемалой бара хьан эскарна юкъахь,
цара хьан цIенойн пенашна тIе шайн турсаш а,
гIемаш а хьалаоьхкира, цара хьан сий а
хьалаайира. [11] Арвадин а, Хьелакан а тIемалой
бара гобаьkkхина хьан пенаш тIехь лаьтташ, иштта
Гамадара нах а бара хьан бIаьвнашна тIехь. Цара
шайн турсаш хьалаоьхкира хьан пенашна тIехь, и
хIума дарца хьан хазалла кхочуш а еш.
[12] Хьан хьал доккха хиларна, Таршаш-гIалано
хьоьгара хIуманаш оьцура, царна дуьхьал дети а,
эчиг а, даш а, гIели а луш. [13] Яван † а, Тубал а,
Машах а мехкаша хьоьца мах бора, леш а, цIестах
йина пхьегIаш а хьоьгара оьцучу хIуманна дуьхьал
а луш. [14] Байт-ТогIармера болчара ахьа юхкуш
йолчу хIуманашна дуьхьал говраш а, дой а,
бIарзанаш а лора. [15] Дадданан наха хьоьца
йохкаэцар лелайора. ХIордан йистехь дехачу
дуккха долчу къаьмнаша хьоьца хийцар леладора,
хьан хIуманашна дуьхьал пийлан кIомсарш а,
Iаьржа дечиг а луш. [16] Хьан дукха дохка хIума хилар
бахьана долуш, иштта хьоьца йохкаэцар лелайора
арамхоша а, хьан хIуманашна дуьхьал карбункул
олу мехала тIулгаш а, цIен кIадеш а, тIехь тIамарш
йолу дуткъа кIадеш а, маржан-жовхIарш а, иштта
рубинаш а луш. [17] ЯхIуд-мохк а, Исраил-мохк а
хьоьца мах лелош бара, хьан сурсаташна дуьхьал
Минитара кIа а, сегIаз а, моз а, даьтта а, хьакхарш а
лора цара. [18] Хьан дукха дохка хIума хиларна а,
хьан хьал доккха хиларна а, Дамасакхо хьоьгара
оьцура Хьелбунера чагIар а, Цахьарера тIаргIа а.
[19] Узалара волу Ведан а, Яван а вара хьан
хIуманашна дуьхьал эчигах йина хIуманаш а, касия
а, хаза хьожа йогIу эрз а луш. [20] Даддана хьоьца
мах лелабора нуьйрашна тIе туьйсучу юргIанашца.
[21] Iаьрбихоша а, Къедар-махкарчу массо а элаша а
хьоьца хийцар дора, хьан хIуманашна дуьхьал
Iахарий а, кой а, гезарий а луш. [22] Шеба-гIаларчу а,
РуIман-гIаларчу а совдегарша хьоьца мах
лелабора, ахьа дохка деанчу хьолана дуьхьал
шайн уггар дика хьакхарш а, деза тIулгаш а, деши а
луш. [23] ХIаранера а, Ханейра а, Iеданера а, Шебера
а, Ашур-махкара а, иштта Килмадера а болчу
совдегарша хьоьца мах лелабора. [24] Цара хьуна еза
бедарш а, сийна тIаргIа а, тIехь тIамарш йолу
кIадеш а, бес-бесара кузаш а, чIогIа даьIна эхангаш
а дахьара. [25] ††Ахьа духкуш мел дерг Таршаш-
гIаларчу хIордкеманашца схьакхоьхьуш дара.
Хьо киранах дуьзна хинкема санна яра,
хIордана юкъахь нисъелла.
[26] Пийсакаш лелорхоша хьо генна хIорда юккъе
дIайигнера,
ткъа малхбалехьара схьахьоькхуш болчу мохо хьо
хи буха яхийтира.
[27] Хьан хьал хи буха гIур ду,
ахьа мах лелош мел дерг хин долахь хир ду.
Хьоьца мел хилларш – хинкема дIадохуьйтуш
берш а,
цу тIера хинкеманна даьлла Iуьргаш дIадукъуш
берш а,
хьан совдегарш а, иштта хьан мел болу тIемалой а
–
уьш берриш а хи буха гIур бу.
И хIума хьо йохочу дийнахь хир ду.
[28] Хьан кемалелорхоша хьоькху маьхьарий
бахьана долуш,
латтанаш тIехь мел верг вегор ву.
[29] Пийсакаш лелорхой шайн кеманашна тIера
дIагIур бу,
хинкема дIадохуьйтуш берш а, кемалелорхой а
хийистехь дIахIуьттур бу.
[30] Цара хьуна тIаьхьа белхар дийр ду,
шайн кортош тIе ченаш а тийсина, чимашкахь а
керчаш.
[31] Цара, шайн кортош а даьшна,
шайна тIе сингаттаман духар а дуьйхина,
дог доьхна, хьуна белхар дийр ду

† *Яван *– таханлерчу хенахь иза Грекийн мохк бу.**

†† *27:25-36 Довзийтинарг 18:11-19.*

къаьхьачу бIаьрхишца.
[32] Боьлхуш, тийжаш,
цара хьох лаьцна хIара йиш дIалокхур ю:
‹ХIордана юккъехь узарш деш йолу
Цора-гIала саннарг кхин муьлха яра?
[33] Хьан совдегарша, хIорда тIехула а лелаш,
дуккха а къаьмнаш Iабадора.
Хьайн доккхачу хьолах а, алсам долчу хIуманах а
дуьненан паччахьашна ахьа дуккха а хьал а лора.
[34] ХIинца хьо хIордо хIаллакйина,
хIорда буха а яхана,
хьан адамаш а, дерриг а хьан хьал а
хьоьца хи буха дахана›.
[35] ХIордан йистехь дехаш долу къаьмнаш
инзардевлла хьох, церан паччахьаш а, юьхьсибат
хийцалуш, Iадийна бегабо. [36] Кхечу къаьмнех болчу
совдегарша гIайгIанца шакарш етта. Хьо къемате
хIаллакьхилла яьлла, ткъа кхин цкъа а юха хир а
яц’“».

## Цора-гIалин баьччана дуьхьал Делера болу хаам

28 Соьга Везачу Элан дош кхечира: [2] «Адаман
кIант! Цора-гIалин баьччане дIаала,
Хьалдолчу Эло иштта боху алий: „Хьо чIогIа кура ю.
Ахьа боху: ‘Со – Дела ву, хIорда юккъехь Iарша
тIехь Iаш ву со’. Амма хьо адам ду, Дела вац, хьан
Делан хьекъалалла ду моьттуш хьо велахь а.
[3] Хьуна моьтту хьо Даниалачул сов хьекъал долуш
ю, къайлаха дерг дерриг а хьайна хуур ду а моьтту
хьуна. [4] Хьайн хьекъалца а, кхетамца а гулдина
ахьа хьайн дерриг а хьал а, хьайн хазни чуьра
деши а, дети а. [5] Хьайн доккхачу хьекъалаллица а,
айхьа йохкаэцар лелорца а гулдина ахьа хьайн
хьал, цундела хьан коьрте куралла йоьссина и хьал
бахьана долуш.
[6] Цундела иштта боху Хьалдолчу Эло: ‘Хьуна
Делан санна хьайн хьекъалалла ду моттар бахьана
долуш, [7] Ас кхечу мехкашкара нах схьабалор бу
хьуна дуьхьалбаха, уьш кхечу къаьмнашна юкъахь
уггар къиза нах бу. Цара шайн тарраш хьан
хазаллина а, хьекъалаллина а дуьхьалдохур ду,
цара хьан исбаьхьалла а дIайоккхур ю. [8] Цара хьо
эхарта чу вохуьйтур ву, хIордана юккъехь
хIаллаквийр ву хьо. [9] ТIаккха эр дуй ахьа хьо
воьчарна хьалха: ‹Со – Дела ву›? Хьо
хIаллаквечеран карахь хилча, хьо кхидерш санна
долу адам хир ду, Дела хир вац [10] Хийрачу махкарчу
нехан карах лийр ву хьо, акха лела жIаьла санна.
Иза Ас иштта аьлла дела хир ду’. Иштта элира
Хьалдолчу Эло“».

## Цора-гIалин баьчча вожор

[11] Везачу Элан дош кхечира соьга: [12] «Адаман
кIант! Велха Цора-гIалин паччахьна, цуьнга дIа а
ала: „ХIара боху Хьалдолчу Эло:
‘Хьо кхачамаллин кеп яра,
хьекъалаллех вуьззина вара,
хьо уггар хазаниг а вара.
[13] Хьо Делан Iедан-бешахь вара,
хьан бедарш тайп-тайпанарчу дезачу тIулгашца
кечйина яра:
рубинца а, топазца а, алмазца а,
хризолитца а, ониксца а, ясписца а,
саппирца а, карбункулца а, изумрудца а.
Церан гураш хьуна тIехь говза а, хаза а деших
дина дара.
И дерриг а хьо кхоьллинчу дийнахь хьуна
кечдина дара.
[14] Хьо къобалдина каруб- *малик* дара,
Ас хьо гIаролхо санна хIоттийнера.
Хьо иштта Делан безачу лам тIехь а вара,
цIе санна, лепаш долчу тIулгашна юкъахь а
лелара хьо.
[15] Хьо цIена вара хьайн некъашкахь
хьо кхоьллинчу хенахь дуьйна,
хьуна чохь зулам карадаллалц.
[16] Айхьа леладо шуьйрра йохкаэцар бахьана
долуш,
хьо къизаллех а вуьзна,
ахьа хьайх къинош а летийна.
Ас хьо боьха хIума санна, Везачу Элан лома тIера
чукхоьссина.
Ас дIалаьллина хьо лардеш хилла долу каруб-
малик,
цIе санна, лепаш долчу тIулгашна юккъера
дIалаьллина Ас хьо.
[17] Хьан хазалла бахьана долуш
куралла йоьссина хьан даг тIе,
хьайн дозалла бахьана долуш
хьекъалалла а хIаллакдина ахьа.
И хIума бахьана долуш Ас хьо лаьттах тоьхна,
паччахьашна хьалха хьо юьхьIаьржачу хIоттийна
Ас.
[18] Ахьа дукхазза а къинош леторна а,
ахьа харцахьа йохкаэцар лелорна а,
хьайн еза меттигаш ахьа бехйина.
Хьуна чуьра цIе схьаяьkккхина Ас,
цо хьо дIа а кхаьллина.
Хьо, чим бина, дIахIоттийна Ас,
хьоьга хьожуш мел волчунна хьалха.
[19] Хьо девзаш мел хилла долу къаьмнаш,
инзардевлла, Iадийна ду.
Хьан чаккхе къемате яра,
ткъа хьо кхин цкъа а хир яц’“».

## ЦIадан-гIалина дуьхьал Делера болу хаам

[20] †Соьга Везачу Элан дош кхечира: [21] «Адаман
кIант! ЦIадан-гIалина дуьхьал вист а хилий, цунна
дуьхьал Соьгара болу хаам бе. [22] ДIаала цуьнга,
Хьалдолчу Эло хIара боху алий:
„ЦIадан-гIала, Со хьуна дуьхьалвер ву.
Хьуна чохь Со гIаравер ву.
Ас шайна кхел йинчул тIаьхьа а,

† *28:20-26 Юал 3:4-8; Закри-ЯхIу 9:1, 2; Маттай 11:21, 22; Лака 10:13, 14.*

Сайн возалла шайна юкъахь Аса гучуяьккхинчул тӀаьхьа а,
хуур ду хьан адамашна, Со Веза Эла вуйла.
[23] Ас хьуна тӀе Ӏожаллин ун а хьажор ду,
хьан урамашкахь цӀий а Ӏанадойтур ду.
ГӀалара адам царна гонах болчу мостагӀийн карах хӀаллакьхир ду.
ТӀаккха хуур ду царна, Со Веза Эла вуйла.
[24] Исраилан халкъана гонах йолчу а, цунна кхиссарш йинчу а пачхьалкхаша кхин цкъа а, коканийн коьллаша я кӀохцалша санна, лазор яц иза. ТӀаккха хуур ду исраилхошна Со Хьалдолу Эла вуйла“».

## Исраилан халкъ декъалдина хилар

[25] Иштта боху Хьалдолчу Эло: «Шаьш дӀасадаржийна долчу къаьмнашна юкъара Айса Исраилан халкъ схьагулдича, Аса Сайн возалла гойтур ю массо а халкъашна хьалха. ТӀаккха Исраилан халкъан бахархой шайн долахь болчу а, Аса Сайн ялхо волчу Якъубана белла болчу а махкахь Ӏийр бу. [26] Уьш цу тӀехь цхьанххьара а кхерам боцуш бехар бу, цара цӀенош а дийр ду, кемсийн бошмаш а югӀур ю. Уьш кхерам боцуш Ӏийр бу, царна кхиссарш еш хиллачу, царна гонахарчу массо а къаьмнашна тӀехь Ас кхел йича. ТӀаккха хуур ду царна, Со церан Веза Дела вуйла».

## Мисар-махкана дуьхьал Делера болу хаам

29 †Халкъ Бавеле дӀадигначул тӀаьхьа уьтталгӀачу шеран уьтталгӀачу беттан шуьйтталгӀачу дийнахь соьга Везачу Элан дош кхечира: [2] «Адаман кӀант! Мисар-мехкан паччахь волчу пирӀунна дуьхьал вист а хилий, цунна а, берриг а Мисар-махкана а дуьхьал Соьгара болу хаам бе. [3] Иштта ала: „Хьалдолчу Эло боху:
‘Мисар-мехкан паччахь волу пирӀун,
Со хьуна дуьхьал ву,
хьо боккха саьрмик санна ву,
хьан Нил-хин гаьннашна юкъахь Ӏуьллуш болу.
Ахь боху: ‹ХӀара Нил-хи сан ду,
иза аса кхоьллина а ду›.
[4] Амма Аса хьан мочхалех мӀара а тесна,
хьан пелагашна тӀе хьан хиш чуьра чӀерий а латийна,
хьо цу Нил-хи чуьра схьабоккхур бу,
хьан пелагашна тӀелеттачу чӀерашца цхьаьна.
[5] Ас хьо яьссачу аренгахь охьакхуссур бу,
хьо а, хьан хиш чуьра берриг а чӀара а.
Хьо даьссачу кха тӀе охьабужур бу,
цхьаммо а хьуна гӀо а дийр дац.
Ас хьо лаьттахь лелачу акхарошний,
стигаларчу олхазаршний дӀалур бу,
цаьрга баийта.
[6] ††ТӀаккха хуур ду берриг а Мисар-махкахь бехаш болчарна,
Со Веза Эла вуйла.
Исраилан халкъо хьоьгара, Мисар-махкара, гӀо лехча,
хьо, эрз санна, ледара гӀортор ма яра.
[7] Цара хьо шайн куьйгашца схьалаьцча,
хьо бекъабелла дӀабелира,
церан ерриг а белшех кӀохцалш а дохуьйтуш.
Уьш хьох шайна гӀортор ян хӀиттича,
ахьа, каг а белла, церан берриг а букъ лазийра’.
[8] Цундела Хьалдолчу Эло иштта боху: ‘Ас хьуна тӀе тур хьалаойур ду, хьан адамаш а, дийнаташ а хӀаллак а деш. [9] Бассалур бу Мисар-мохк, тӀаккха хуур ду мисархошна Со Веза Эла вуйла.
‹ХӀара Нил-хи сан ду, хӀара ас кхоьллина а ду› ахь алар бахьана долуш, [10] Со хьуна а, хьан хишна а дуьхьалваьлла. Ас бассор бу Мисар-мохк Мигдолара дуьйна Савейнина тӀе кхаччалц а, цигара Хушин дозанна тӀе кхаччалц а. [11] Мисар-махкахула я адаман, я дийнатан ког а ловзур бац. Шовзткъа шарахь цигахь цхьа а стаг хир вац вехаш. [12] Даьссачу латтанашна юкъахь уггар баьсса мохк бина дӀахӀоттор бу Ас Мисар-мохк. Шовзткъа шарахь цуьнан гӀаланаш йохийначу гӀаланашна юкъахь хир ю. Аса дӀасабаржор бу мисархой кхечу къаьмнашкахула а, уьш кхечу мехкашкахула дӀасакхуьссур а бу’.
[13] Хьалдолчу Эло иштта боху: ‘Шовзткъа шо дӀадаьлча, Ас схьагулбийр бу мисархой кхечу къаьмнашна юкъахь дӀасабаржийначуьра. [14] Ас юхабалор бу мисархойн йийсархой, уьш схьабевлла долчу ПатӀрусан лаьтта тӀе схьабалор бу Ас уьш, амма церан пачхьалкх кхин чӀагӀъелла дӀахӀуттур яц. [15] Иза кхечу пачхьалкхашна юкъахь уггар гӀийла пачхьалкх хилла лаьттар ю, кхин цкъа а кхечу пачхьалкхел лакха а ер яц. Ас кӀеззиг бийр бу уьш, кхин цкъа а кхечу къаьмнашна тӀехь куьйгалла а деш дӀа ца хӀиттийта. [16] Исраил-мохк кхин цкъа а хир бац Мисар-махках бозуш. Цунна дагахь лаьттар ду ша Деле гӀо а ца доьхуш, Мисар-махке гӀо а дехна, латийна долу къинош. ТӀаккха хуур ду царна Со Хьалдолу Эла вуйла’“».

## Набухди-Нецар-паччахьо Мисар-мохк схьалацар

[17] Халкъ Бавеле дӀадигначул тӀаьхьа ткъе ворхӀалгӀачу шеран хьалхарчу беттан хьалхарчу дийнахь соьга Везачу Элан дош кхечира:
[18] «Адаман кӀант! Бавелан паччахь волчу Набухди-Нецара шен эскар гӀелдина, Цора-гӀалина дуьхьал цаьрга тӀом а бойтуш. Массо а тӀемалойн месаш тилла дӀаевлла, церан белшаш лахъелла, амма царна хӀумма а ца делла цара бинчу балхана дуьхьал». [19] Цундела Хьалдолчу Эло боху: «Ас Мисар-махкара латтанаш Бавелан паччахь волчу Набухди-Нецарна дӀалур ду, цуьнга мисархойн лаьтта тӀехь талораш а дайтина, церан бахам шен тӀемалошна, алапа санна, дӀабалийта. [20] Ас царна мисархойн латта цара бинчу балхана дуьхьал

† *29:1–32:32 ЕшаӀ-ЯхӀу 19:1-25; Ярми-ЯхӀу 46:2-26.*

†† *29:6 ЕшаӀ-ЯхӀу 36:6.*

совгIатна дIалуш ду, хIунда аьлча цара Сан дуьхьа
бина и болх». Иштта элира Хьалдолчу Эло.
21 «Цу дийнахь Ас Исраилан халкъана цуьнан
ницкъ юхаберзор бу. Ткъа хьо, Яхьазкхиал, Ас
цаьрга маьрша вистхуьлуьйтур ву. ТIаккха царна
хуур ду Со Веза Эла вуйла».

## Мисар-мехкан кхоьлина де

30 Соьга Везачу Элан дош кхечира: 2 «Адаман
кIант! Соьгара болу хаам а беш, дIаала:
„Иштта боху Хьалдолчу Эло:
‘Тийжа а тийжаш, ала:
‹Маржа-яI оцу дийнан!›
3 Иза уллохь ду,
Везачу Элан де.
Кхоьлина хир ду
и халкъашна гIайгIане долу де.
4 Мисар-махкана тур дуьхьал дер ду.
Цуьнан адам хIаллакдан доладелча а,
цуьнан бахам схьабаькхкхича а,
Мисар-мохк шен бух тIе кхаччалц шайна йохийна
гича а,
Хушан халкъ, кхераделла, Iадийна хир ду.
5 Хуша а, ПIатIа а, Луда а мехкийн халкъаш а,
Хуба-мохк а, дерриг а эделла долу халкъ а, иштта
Дала ваIданца беллачу махкара бахархой а туьро
хIаллакбийр бу’.
6 Иштта боху Везачу Эло:
‘Мисар-мехкан гIортораш хIаллакьхир ю,
южур ю цуьнан сийлалла а,
дIадер ду цуьнан ницкъ болуш хилар а, цуьнан
дозалла а,
Мигдолана тIера Савейна тIе кхаччалц
массо а туьро вожор ву’.
Иштта боху Хьалдолчу Эло.
7 ‘Бассийначу мехкашна юкъахь а
иза уггар а бассийнарг хир бу,
яссийначу гIаланашна юкъахь а
уггар а яссийнарш хир ю цуьнан гIаланаш.
8 Со Веза Эла вуйла хуур ду царна,
Ас Мисар-махкана тIе цIе а хьажийна,
цуьнан гIортораш хIаллакьхиллачул тIаьхьа.
9 Цу дийнахь хинкеманашца Соьгара геланчаш
гIур бу, шена кхерам бац бохуш, Iаш долу Хуша-
къам кхеро. Мисар-махкана таIзар дечу оцу
дийнахь уьш кхерарна Iадийна хир бу. И де билггал
тIекхочуш ду!’
10 Хьалдолчу Эло иштта боху:
‘Ас Бавелан паччахье Набухди-Нецаре
Мисар-мехкан тобанаш хIаллакйойтур ю.
11 Иза ша а, кхечу къаьмнашна юкъара уггар а
къиза долу цуьнан эскар а
Ас Мисар-махкана тIе хьажор ду, и латта
хIаллакдайтархьама.
Цара шайн тарраш хьала а даьхна,
дерриг а латта декъех хьаладузур ду.
12 Ас Нил-хин гаьннаш а дакъор ду,
ткъа латта къизачу нахана дIа а духкур ду,
кхечу махкарчу нехан карахула
Ас дассор ду и латта.
Иза Ас боху, Везачу Эло’.
13 Иштта боху Хьалдолчу Эло:
‘Ас цIуш а бохор бу,
Нуп-гIалара харцделанаш а хIаллакбийр бу.
Мисар-махкахь кхин хир вац куьйгалхо.
Ас кхерам тосур бу Мисар-махкахь бехаш
болчеран даг чу.
14 Ас ПатIрус-кIошт яссор ю,
ЦоIан-гIалина тIе цIе хьажор ю,
ткъа Ну-гIалина кхел йийр ю.
15 Ас Сайн оьгIазалла Мисар-мехкан Син цIе йолчу
чIагIонна тIе йоссор ю,
Ну-гIалахь дерриг адам а хIаллакдийр ду.
16 Ас Мисар-махкана тIе цIе хьажор ю,
ткъа Син лазаршка хьийзайойтур ю,
Ну-гIала а хIаллакьхир ю,
дийнан юккъехь Нуп-гIалина тIелетар бу
мостагIий.
17 Ана-гIалара а, ПIи-Басатара а кегий нах
туьро хIаллакбийр бу,
ткъа тIаьхьабиснарш йийсаре дIабуьгур бу.
18 Тахьпанхьас-гIалахь де кхулур ду,
Ас цигахь Мисар-мехкан дукъ кагдинчул тIаьхьа,
цигахь дIабер бу цуьнан кура ницкъ а.
Мархаш йогIур ю Мисар-махкана тIе,
ткъа цуьнан гIаланийн бахархой йийсаре гIур бу.
19 Иштта кхел йийр ю Ас Мисар-махкана,
тIаккха хуур ду царна, Со Веза Эла вуйла’“».

## Мисар-мехкан паччахьан ницкъ кагбар

20 Халкъ Бавеле дIадигначул тIаьхьа
цхьайтталгIачу шеран хьалхарчу беттан
ворхIалгIачу дийнахь соьга Везачу Элан дош
кхечира: 21 «Адаман кIант! Ас Мисар-мехкан
паччахь волчу пирIунан куьг кагдина. Иза цхьаммо
а, лоьралла а деш, дIа а ца дихкина, цуьнгахь тур
хьалаайа ницкъ хилийтархьама». 22 Цундела иштта
боху Хьалдолчу Эло: «Со дуьхьал ву Мисар-мехкан
паччахь волчу пирIунна. Ас ший а куьг кагдийр ду
цуьнан, кагдинарг а, кагдаза дерг а, Ас дожор ду
цуьнан карара тур. 23 Аса мисархой кхечу
къаьмнашкахула дIасабаржор а бу, уьш кхечу
мехкашкахула дIасакхуьссур а бу. 24 Ткъа Бавелан
паччахьан куьйгаш Ас чIагIдийр ду, цуьнан кара
Сайн тур а лур ду, ткъа пирIунан куьйгаш Ас
кегдийр ду. Иза цунна хьалха, валлал чIогIа
лазийнарг санна, узарш деш хир ву. 25 Ас Бавелан
паччахьан куьйгаш чIагIдийр ду, ткъа пирIунан
куьйгаш гIорасиза охьагIур ду. Ас Сайн тур Бавелан
паччахьан кара дIаделча, ткъа цо иза Мисар-
махкана тIе хьалаайича, царна хуур ду, Со Веза Эла
вуйла. 26 Аса мисархой кхечу къаьмнашкахула
дIасабаржор а бу, уьш кхечу мехкашкахула
дIасакхуьссур а бу. ТIаккха хуур ду царна Со Веза
Эла вуйла».

### ПирIун баганан диттах тарвалар

31 Халкъ Бавеле дIадигначул тIаьхьа цхьайтталгIачу шеран кхоалгIачу беттан хьалхарчу дийнахь соьга Везачу Элан дош кхечира:
2 «Адаман кIант! Мисархойн паччахь волчу пирIуне а, дерриг а цуьнан халкъе а дIаала:
„Хьайн сийлахь хиларца
хьо хьаьнца нисво ахьа?
3 Хьажал Ливанун-ломара баганан дитт санна болчу Ашур-махке,
шена тIехь хаза гаьннаш а долуш,
IиндагI луш гIа а долуш болчу.
Цуьнан бохь мархашна юкъахь † бара.
4 Хино и дитт кхиадора,
бухарчу хиша иза лакхадаькkхира.
Уллохула дIаоьхуш долу хин татолаш
гонах долчу ditташна тIе дIаоьхура.
5 Вукху диттел а лекха дара иза,
шена тIехь деха гаьннаш а долуш,
хIунда аьлча цунна тIедогIуш
кхоччуш дукха хи дара.
6 Стигаларчу олхазарша цуьнан гаьннашна юкъахь шайн бенаш дора,
латтарчу акхароша цуьнан гаьннашна кIел шайн кIорнеш йора.
Дуьненара сийлахь къаьмнаш цуьнан IиндагIехь дехаш дара.
7 Лекха а долуш, хаза дара и дитт,
шена тIехь деха гаьннаш а долуш,
цуьнан орамаш а хих Iаьбна дара.
8 ††Делан бешахь долу баганан дитт цуьнца дуста ца лора.
Зоьзан дитташ цуьнан зуьгалгех тар ца лора,
пхонан дитташ цуьнан гаьннашца нис ца лора.
Делан бешахь долу цхьа а дитт цуьнан хазаллица дуста ца лора.
9 Дуккха а гаьннаш а делла,
Аса иза хаздинера,
цундела Iеданера массо а дитташ,
Делан бешахь долу массо а дитташ
цунах хьоьгуш дара“».
10 Цундела Хьалдолчу Эло иштта элира: «Хьо,
стоммачу гаьннашна тIехула хьала а баьлла, иштта
лакхабаларна а, хьо сийлахь хиларна хьан дог
курадаларна а, 11 Ас и дитт къаьмнийн баьччанан
кара дIаделира, цуьнга, цо лелийначу харцонашка
хьаьжжина, цунна хьакъ дерг дайтархьама. Ас
Сайн бешара дIадаьkкхина иза. 12 Уггаре къизачу
кхечу къаьмнаша иза, хада а дина, дIатесира.
Цуьнан гаьннаш лаьмнаш тIе а, тогIеш тIе а
охьаэгна. Кегдина долу цуьнан кегий гаьннаш
массо а боьранашна чуэгнера, дерриг а къаьмнаш,
иза ша долчохь а дитина, цуьнан IиндагIера
дIадаханера. 13 Дамардарц хилла Iуьллучу цу дитта
тIехь стигалара тайп-тайпана олхазарш дара,
иштта цуьнан гаьннаш юкъахь лелаш хьуьнхара
акхарой а яра. 14 Иза дина, дика хи молуш долу
цхьа а дитт, ша доккха хилча, кура ца далийта а,
иза, шен лакхалла бахьана долуш, вукху диттийн
гаьннашна юкъара хьала а даьлла, мархашна
тIекхача ца гIертийта а. ХIунда аьлча, уьш массо а,
кхидолу адамаш санна, Iожалле дIахьажийна бу,
уьш а, вуьш адамаш санна, белла нах
дIабохуьйтучу метте дIабохуьйтур бу».
15 Иштта боху Хьалдолчу Эло: «Иза эхарте
кхаьчначу дийнахь, Ас цунна тезет хIоттадайтира.
Иза бахьана долуш Аса бухара хи а дIалакъийра,
цунна тIедогIу хиш а совцийра, ткъа даккхий хиш
кхин дIа а ца дахийтира. Ливанун-мохк а, гIайгIане
бина, дIахIоттийра Ас, ткъа дерриг а дитташ дара
маргIалдулуш. 16 И дитт охьадужуш хезна долу
къаьмнаш, кхерадаларна, дегадайтира Аса, Ас иза,
эхарте дIабаханчу вукхарна тIаьхьа, бух боцучу Iин
чу дIахьажийча. ТIаккха хIинцале а лаьттан буха
даханчу Iеданера массо а диттийн а, Ливанун-
махкара уггар дика а, беркате а долчу, хи муьйлучу
диттийн а дог Iебира оцунах. 17 Уьш цуьнца
цхьаьна эхарте дIакхаьчна. ХIинца уьш туьро
хIаллакбиначарах дIакхетта. И дитташ, цу лекхачу
диттан IиндагIехь, вукху къаьмнашца цхьаьна
дехаш хиллера.
18 Иштта, Iеданерачу муьлхачу диттан нисдала
йиш яра хьоьца, хьан сийлаллица а, лакхаллица а?
Амма хIинца, вукху дитташца нийсса, хьо эхарте
дIахьажийна, хьо сунтбаза болчаьрца а, иштта
тIемашкахь хIаллакбина болчаьрца а цхьаьна
Iуьллур ду. Иза хир ду пирIунна а, цуьнан дерриг а
халкъана а». Иштта боху Хьалдолчу Эло.

### ПирIунах болу тийжам

32 Халкъ Бавеле дIадигначул тIаьхьа шуьйтталгIачу шеран шуьйтталгIачу беттан хьалхарчу дийнахь Везачу Элан дош кхечира соьга:
2 «Адаман кIант! ХIара тийжам Мисар-мехкан паччахь волчу пирIунах лаций дIаала:
„Хьо халкъашна юкъахь къона лом санна хета,
амма билггал аьлча, хIорда чуьра саьрмик санна ву хьо!
Хьайн хишна чохь хьайн мерIуьргашца синош доху ахь,
хьайн когашца хи а даржош,
иштта и хи дIаса а детташ“».
3 Иштта боху Хьалдолчу Эло:
«Дуккха а халкъашна а гуш,
Ас хьуна тIе Сайн бой тосур ю,
ткъа цу адамаша хьо Сан бойнаца хьалабоkkхур бу.
4 Ас хьо лаьтта тIе охьатосур а бу,
ткъа аренгахь хьо дIа а тосур бу.
ТIаккха хьуна тIе стигалара дерриге а олхазарш а хуьйшур ду,
ерриге а лаьттара акхарой а хир ю

† Цхьана ширачу гочдар тIехь: *мархашна юкъахь.* *Iебархойн тептар тIехь: *стоммачу гаьннашна юкъахь.* †† 31:8 Доладалар 2:9.

шаьш юззалц хьо бууш.
[5] Ас хьан жижиг лаьмнашкахула дIасакххуьссур ду,
тогIеш хьан докъах хьалаюзур ю.
[6] Ас хьо лелла меттигаш, лаьмнаш тIе кхаччалц, цIийх хьалаюзур ю,
цу цIийно дерриг а хершнаш хьаладузур ду.
[7] Хьо дIабайича, Ас стигалш а дIакъовлур ю,
седарчий а кхолуьйтур ду,
мархашца малх а дIакъовлур бу,
батто а шен серло лур яц.
[8] Стигалара массо а серло луш йолу хIума Ас дIакъовлур ю,
тIаккха дерриг а хьан лаьтта тIехь бода хIуттур бу».
Иштта боху Хьалдолчу Эло.
[9] «Дуккха а долчу халкъийн дегнаш гIайгIане хилла дIахIуьттур ду,
Ас хьох дисина дакъош кхечу къаьмнашна юкъахь дIасадаьхьча а,
хьуна ца девзачу мехкашка уьш дIадаьхьча а.
[10] Ас дуккха а халкъаш Iадор ду,
церан паччахьаш чIогIа кхералур бу,
Ас шайна хьалха Сайн тур ластийча.
Хьо боьжначу дийнахь берриг а паччахьаш,
кхоьруш, бегош хир бу,
царах хIорра а, шайн дахар бахьана долуш,
кхоьруш хир бу».
[11] ХIунда аьлча Хьалдолчу Эло иштта боху:
«Бавелхойн паччахьан тур
хьуна дуьхьал доккхур ду.
[12] Цуьнан эскархойн тарраш]ца
Ас хьоьца болу нах хIаллакбойтур бу.
И эскархой къаьмнийн уггаре а къизачу халкъах схьабевлла бу,
цара Мисар-мехкан куралла йойур а ю,
цуьнан мел долу халкъ хIаллак а дийр ду.
[13] Ас цуьнан мел долчу хишна уллора дерриг а даьхни хIаллакдийр ду,
адамийн когаша а, даьхнийн бергаша а кхин бехдийр дац и хиш.
[14] Ас синтем лур бу Мисар-мехкан хишна,
тIаккха уьш, даьтта санна, меллаша дIаоьхур ду».
Иштта боху Хьалдолчу Эло.
[15] «Мисар-мохк Ас бассор бу,
цуьнан массо а хIума хIаллакьхир ду.
Цу махкахь мел вехаш верг Ас охьатоьхча,
царна хуур ду, Со Веза Эла вуйла.
[16] Иштта бу и бен болу тийжам.
Кхечу къаьмнийн зудабераша бийр бу иза.
Мисар-махках а, цигарчу халкъах а лаьцна
бийр бу цара и тийжам».
Иштта боху Хьалдолчу Эло.

## Мисар-мохк эхарте кхачар

[17] Халкъ Бавеле дIадигначул тIаьхьа
шуьйтталгIачу шеран тIаьххьарчу беттан
пхуьйтталгIачу дийнахь соьга Везачу Элан дош
кхечира: [18] «Адаман кIант! Белхар де Мисар-
махкара адамаш бахьана долуш. Ахьа сийлахьчу
къаьмнийн зудабераш а, и халкъ а эхарте дIадига,
коше дIабаханчаьрца цхьаьна хилийтархьама.
[19] ДIаала цаьрга:
„Шу хьанал гIолехь ду?
ДIагIо цига,
сунтбаза болчарна уллохь охьадийша“.
[20] Мисар-мохк тIамехь байъинчарна юкъахь
Iуьллур бу. Шен мел долчу халкъаца цхьаьна иза
дIадигна хуьлийла. [21] Оцу эхартан юккъера
турпалхойх уггар доьналла долуш болчара Мисар-
махкана а, цуьнан бартхошна а эр ду: „Сунтбаза
болу уьш, туьро хIаллакбина, охьа а бехкина,
Iохкуш бу цигахь“.
[22] Цу меттехь Ашур-мохк а бу шен мел хиллачу
эскарца. Паччахьна гонах церан кешнаш ду, уьш
берриш а туьро хIаллакбина. [23] Церан кешнаш
эхартехь уггар а кIорггехь ду, Ашур-мехкан
паччахьан къуббанна гонах. Уьш берриш а туьро
хIаллакбина, дийна болчу хенахь цара адамаш
кхерамца Iадийнехь а.
[24] Цигахь Iейлам а ву, ткъа цуьнан эскар
паччахьан къуббанна гонах а ду. Цуьнан берриг а
тIемалой хIаллакьхилла тIамехь. Уьш берриш а
сунтбаза эхарте а кхаьчна, шаьш дийна болчу
хенахь цара дерриг а адамаш кхерамца Iадийнехь
а. Цара ерриг а шайн юьхьIаьржо лаьтта буха
богIучаьрца цхьаьна яхьа. [25] ХIаллакбина
Iохкучарна юкъахь Iейламана а, цуьнан эскарна а
мотт биллинера. Царна гонах Iохкуш
хIаллакбинарш бара, уьш берриш а сунтбаза а
бара, туьро хIаллакбина а бара. Шаьш дийна болчу
хенахь цара дерриг а адамаш кхерамца Iадийнехь
а, хIинца цара ерриг а шайн юьхьIаьржо лаьтта
буха богIучаьрца цхьаьна яхьа. ХIаллакбиначарна
юкъахь охьабехкина бу уьш.
[26] Цигахь Машах а, Тубал а ву шайн эскаршца,
царна гонах сунтбаза болчеран кешнаш а ду. Уьш
берриш а туьро хIаллакбина а бу, хIунда аьлча
цара дийна болчу хенахь халкъашна юкъахь
кхерам латтабора. [27] Уьш байъинчу ширачу
заманахь † лаьтта бухахь Iохкуш бац. ХIорш шайн
герзаца дIабоьхкина, церан тарраш церан
гIовлангахь Iохкуш ду, ткъа церан турсаш †† церан
даьIахкашна тIехь дисина. Цара шаьш дийна болчу
хенахь массо а адамаш кхерамца Iадийнера.
[28] Ткъа хьо а, Мисар-мохк, хIаллакбина хир бу, хьо
а сунтбаза болчаьрца а, иштта туьро
хIаллакбинчаьрца а цхьаьна Iуьллур бу.
[29] Цигахь Эдом-мохк а, цуьнан паччахьаш а, элий
а бу. Уьш берриш а майра тIемалой бара, ткъа
хIинца туьро хIаллакбинчаьрца цхьаьна
охьабехкина бу. Уьш сунтбаза болчу лаьтта буха
баханчаьрца цхьаьна Iохкуш бу.

† *Грекийн гочдар тIехь: *сунтбаза болчаьрца. *Iебархойн тептар тIехь: *ширачу заманахь болчаьрца.** †† *Турсаш *– иштта, схьахетарехь, деша деза тептар. Делахь а Iебархойн маттахь: *къинош.**

30 Цигахь къилбаседехьа хилла болу элий а,
иштта адамашна кхерамаш туьйсуш болу
цIаданхойн тIемалой а бу. Туьро
хIаллакбиначаьрца цхьаьна уьш сунтбаза Iохкуш
бу, шайн юьхьIаьржо лаьтта буха боьлхучаьрца
цхьаьна дIаяхьа.
31 ХIаллак а хилла, эхарте бахана болу нах
пирIунна дIагича, цунна синхьаам хир бу и
хIаллакбина нах бахьана долуш, хIунда аьлча
пирIун а, цуьнан эскар а туьро хIаллакбина хир бу».
Иштта боху Хьалдолчу Эло.
32 «ПирIуно, ша дийна волчу хенахь, адамаш,
кхера а деш, Iададора, амма иза а, цуьнан эскар а
туьро хIаллакбинчу сунтбаза болчаьрца
дIабоьхкина хир бу». Иштта боху Хьалдолчу Эло.

## Везачу Эло Яхьазкхиалх гIаролхо вар

(Яхьазкхиал 3:16-21)

33 Соьга Везачу Элан дош кхечира: 2 «Адаман
кIант! Хьайн къомах болчаьрга дIаала:
„Нагахь санна Аса цхьана махкана тIе тIом
хьажабахь, наха шайна юкъара цхьа гIаролхо
харжа мега. 3 Цу гIаролхочо, шена мостагIий гича,
коьман маIа а лекхна, шен нахе орца доккхур ду.
4 Коьман маIан аз хезначул тIаьхьа а, цхьаммо а
иза тергал ца дахь, цул тIаьхьа и стаг туьро хIаллак
а вахь, цуьнан цIий цунна шена тIехь хир ду.
5 Коьман маIан аз хезча, оцу стага цуьнан тидам ца
барна, цуьнан цIий цунна шена тIехь хир ду. Шен
хеннахь цо тидам бинехьара, шен дахар
кIелхьардоккхур дара цо. 6 Нагахь санна цу
гIаролхочо, тIебогIу мостагIий шена гича,
адамашка дIахьедархьама коьман маIа а ца
лакххахь, тIебаьхкинчу мостагIаша царах цхьаъ
хIаллак а вахь, иза шен къинош бахьана долуш
вийна хир ву, амма Аса оцу гIаролхочуьнга жоп
доьхур ду, и валар бахьана долуш“.
7 Ткъа хьох, адаман кIант, Исраилан халкъан
гIаролхо вина Аса. Соьгара болу хаам хьуна
мосазза хеза, Сан цIарах цаьрга дIахьедан деза
ахьа. 8 Ас зуламечу стаге: „ХIей, зуламхо! Хьо
билггал лийр ву!“ алахь, ахьа цуьнга, харц некъа
тIера дIавала аьлла, дIа ца хьедахь, и стаг шен
къинош бахьана долуш лийр ву, ткъа цуьнан цIийх
Аса хьоьга жоп доьхур ду. 9 Амма ахьа зуламечу
стаге, шен некъа тIера дIавала аьлла, дIахьедар
динчул тIаьхьа, иза кхин дIа а иштта лелахь, иза
шен къинош бахьана долуш лийр ву, ткъа ахьа
хьайн дахар кIелхьардоккхур ду».

## ХIора стага ша лелийначунна жоп дала дезар

10 «Ткъа ахьа, адаман кIант, дIаала исраилхошка:
„Аша иштта боху: ‘Тхан вон лелар а, тхан къинош а
тхуна тIехь ду. Тхо телхаш ду уьш бахьана долуш.
Тхо муха даха деза те?’“ 11 Ахьа цаьрга ала деза:
„Дийна волчу Сайх чIагIо йо Аса, – боху Хьалдолчу
Эло, – зуламечу нахана Iожалла тIеярах Суна там ца
хуьлу. Мелхо а, Суна лаьара уьш, шайн зуламечу
некъашкара дIа а бевлла, бехийла. Юхадерза!
Юхадерзахьа хьайн вочу некъа тIера! ХIунда хуьлу
хьо хIаллак, Исраилан халкъ?“
12 Ахьа, адаман кIант, дIаала хьайн къомах
болчаьрга: „Бакъахьа леларг Далла дуьхьалволучу
дийнахь ша динчу бакъахьарчу гIуллакхаша иза
кIелхьарвоккхур вац, ткъа зуламхо ша лелийначу
зуламечу гIуллакхех дIавирзинчу дийнахь цо
лелийначо иза галволуьйтур вац. Нагахь санна
бакъахьара лелачо къинош летадахь, цунна,
хьалха ша дина бакъахьара гIуллакхаш бахьана
долуш, кхидIа ваха пурба лур дац“. 13 Нагахь Аса
бакъахьа лелачу стаге иза вехар ву алахь, амма цо,
ша хьалха дина дикачу гIуллакхашка а хьоьжуш,
зулам дахь, Суна дагадогIур дац цо хьалха мел
дина дика гIуллакхаш. Иза лийр ву, ша тIаьхьа
дина долу зулам бахьана долуш. 14 Аса зуламечу
стаге дIахьедан тарло: „Хьо лийр ву“, – аьлла.
ТIаккха иза, шен къиношна тIера дIа а вирзина,
бакъдерг а, нийсо а лело волавала тарло. 15 Цо ша
юхалург ахча лучу хенахь закъалтана эцнарг а
дIалахь, ша хьалха лачкъийнарг а юхалахь, дахар
луш долчу парзашца а лелахь, зулам а ца деш, и
стаг вехар ву, лийр а вац. 16 Цо хьалха лелийна долу
вонаш Ас дагадоуьйтур дац. Цо бакъдерг а, нийсо а
лелийна, цундела иза билггал вехар ву.
17 Ткъа хьан къомах болчара боху: „Везачу Элан
лелар нийса дац“, церан шайн лелар нийса
доццушехь. 18 Нагахь санна бакъахьа леларг, шен
нийсачу некъа тIера а ваьлла, зулам дан волалахь,
и хIума бахьана долуш иза лийр ву. 19 Ткъа
зулламениг, ша динчу вонаш тIера дIа а вирзина,
бакъдерг а, нийсо а лелош волалахь, и бахьана
долуш иза вехар ву. 20 Ткъа аша боху: „Везачу Элан
лелар нийса дац“. Исраилан халкъ, хьох хIоранна а,
цо лелийначуьнга хьаьжжина, кхел йийр ю Ас».

## Ярушалайм йожарх лаьцна болу хаам

21 †Тхо Бавеле дIадигначул тIаьхьа уьтталгIачу
шеран уьтталгIачу беттан пхоьалгIачу дийнахь со
волчу Ярушалаймера кIелхьарваьлла волу цхьа
стаг кхечира. Цо элира: «ГIала йоьжна!» 22 Амма и
стаг со волчу кхачале, суьйранна, суна тIе Везачу
Элан куьг хIоьттира. Iуьйранна, и стаг со волчу
схьакхачале, Цо сан бага дIайиллира ††. Иштта, сан
бага дIайиллича, со вистхила йиш йолуш хилира.
23 Соьга Везачу Элан дош кхечира: 24 «Адаман
кIант! Исраил-мехкан дакъазадаьккхинчу лаьтта
тIехь Iаш болчара боху: „ИбрахIим ша цхьаъ вара
Дала цунна хIара латта дIалучу хенахь. Ткъа хIинца
тхо дуккха а ду, цундела хIара латта тхуна, тхайн
долахь долуш санна, схьаделла ду“.
25 Цундела дIаала цаьрга: „Иштта боху Хьалдолчу
Эло: ‘Аша жижиг цIийца цхьаьна доу, шу шайн
цIушка сатийсамца хьоьжу, аша адамаш хIаллакдо.

† *33:21 ТIаьххьарнаш 25:3-10; Ярми-ЯхIу 39:2-8; 52:4-14.* †† *Дагадаийта *– Яхьазкхиалан бат хьалха Везачу Эло дIакъевлина яра (24:27).**

ХIара латта шун долахь муха хир ду? 26 Шу шайн туьрах тешна ду, аша дегаза вонаш до, вовшийн зударшца эвхьазадуьйлу. ХIара латта шун долахь муха хир ду?‘“

27 Ахьа дIаала цаьрга: „Иштта боху Везачу Эло: ‘Дийна волчу Сайх чIагIо йо Аса, цу йохийначу гIалин саьлнаш юкъахь Iаш болу нах туьро хIаллакбина хир ма бу. Аренгахь нисбелларш Ас акхарошна дIалур бу, цаьрга байъийта, ткъа чIагIонаш чохь а, хьехаш чохь а дIалевчкъинарш Iожаллин уьно хIаллакбийр бу. 28 Ас латта дассор ду, цу махко дозалла деш мел хилла долу хIума хIаллакьхир ду. Исраил-махкара лаьмнаш а дассалур ду, кхузахула тIехволуш гуш стаг а хир вац. 29 Цу наха дина дегаза хIуманаш бахьана долуш, Ас хIара латта дассийна дIахIоттийча, тIаккха хуур ду царна Со Веза Эла вуйла’“.

30 Ткъа хIинца, адаман кIант, хьох лаьцна эр ду Ас. Хьан къомах долу адамаш, гIалин пенашна уллохь а, цIийнан неIаршна уллохь а гул а делла, хьох лаьцна къамелаш деш ду. Цара вовшашка боху: „Дуьйло, хьовса, Везачу Элера хIун дош деана“. 31 Уьш хьо волчу схьабогIу, халкъан гуламе богIуш санна. Сан халкъ хьуна хьалха охьахоу, цо хьоьга ла а дугIу, амма цо ахьа бохург кхочуш ца до. Цара хьуна тамехь долу къамелаш до, амма церан дегнаша адам ледарца шайна с� лоху. 32 Церан бIаьргашкахь хьо лаамийн эшарш локхуш волу а, хаза аз долу а илланча ву, цу тIе говза дечиг-пондар локхург а ву. Цара хьан дешнашка ладугIу, амма уьш кхочуш ца до. 33 Амма ахьа бохуш дерг кхочушхилча, – ткъа иза-м билггал кхочушхир ду – тIаккха цу нахана хуур ду, шайна юкъахь лелларг пайхамар хиллийла».

### Исраилхойн Iуй

34 Соьга Везачу Элан дош кхечира: 2 «Адаман кIант, исраилхойн Iушна дуьхьал Соьгара болу хаам бе. Соьгара болу хаам а беш, дIаала цаьрга: „Къа ду шун, исраилхойн Iуй! Шу шайн жа дажо дезаш дац те? Амма аша шаьш-шайн бен ца дажадо! 3 Аша уьстагIийн шура † молу, церан тIергIах йина хIуманаш шайна тIе а юху, иштта аша дерстинчу уьстагIашна урс хьокху, амма уьш дажа ца до. 4 Аш гIийланаш чIагI ца бора, цомгуш болчу уьстагIна дарба а ца дора, церан чевнаш дIа а ца йоьхкура. Жена юкъара дIакъаьстина уьстагIий аша юха ца дерзадора, тиладелларш аша схьа ца лохура. Царна тIехь куьйгалла аша ницкъаца а, къизаллица а дора. 5 ††Шайна тIехь Iу воцу дела, и уьстагIий дIасадаьржира, цул тIаьхьа уьш хIора экханан ижу хилла дIахIоьттира. 6 Сан уьстагIий лаьмнашкахула, лекхачу гунашкахула дуьйладелла лелаш ду. Дерриг а лаьтта тIехула уьш дIасадаржийна ду, ткъа цхьаммо а уьш леха а ца лоьху, уьш каро а ца гIерта“.

7 Цундела, Iуй, ладогIа Везачу Элан даше: 8 „Дийна волчу Сайх чIагIо йо Ас, и Сан уьстагIий акхаройн ижу хилийта Iуналла ца деш аша дитарна а, уьш, тIехь Iу а воцуш, хIора аренгарчу экханан даар хилла дIахIиттарна а, ткъа Сан Iуша уьш схьа ца лахарна а, цара уьш, дажоран метта, шаьш дежаш леларна а, 9 и дерриг а хIума бахьана долуш, Iуй, Везачу Элан даше ладогIа! 10 Иштта боху Хьалдолчу Эло: ‘Со цу Iушна дуьхьалваьлла, Ас уьш Сайн жа бахьана долуш жоьпе озор бу. Ас уьш Сайн жа дажочуьра совцор бу. Цара шаьш кхидIа иза дажор дац. Ас Сайн жа церан мочхалех кIелхьардоккхур ду. Сан уьстагIий церан даар хилла кхин дIахIуьттур дац’“».

### Дикачу Iуьнах лаьцна

11 Хьалдолчу Эло боху: «Ас-Айса Сайн уьстагIий схьа а лохур ду, Со цаьрга хьожур а ву. 12 Шен дIасадаржийна долчу уьстагIашка Iу ма-хьажжара, хьожур ву Со цаьрга. Ас уьш паргIатдохур ду Iаьржачу кхоьлинчу дийнахь уьш дIасадаржийна хиллачу меттигашкара. 13 Ас къаьмнашна юкъара а, мехкашкара а схьа а гулдина, шайн лаьтта тIе схьадалор ду уьш. Исраил-мехкан лаьмнашкахь а, хин Iоврашна уллохь а, адамаш лаьттахь массо а дехаш йолчу меттигашкахь Iалашбийр бу Ас уьш. 14 Аса дикачу бай тIехь Сайн уьстагIий дажор ду, ткъа Исраил-мехкан лекхачу лаьмнашкахь царна дежийлаш хир ю. Цигахь уьш дикачу дежийлашкахь садоIуш хир ду, ткъа Исраил-мехкан лаьмнашкахь, токхечу бай тIехь, уьш дежаш а лелар ду. 15 Со-Со хир ву Сайн уьстагIий дажош а, цаьрга садоIуьйтуш а». Иштта боху Хьалдолчу Эло.

16 «Ас байна уьстагI схьалохур бу, тилабелларг юхаберзор бу, лазийначун чов дIайоьхкур ю, цомгушчунна дарба дийр ду, амма берстина а, нуьцкъала а уьстагI буьйр бу. Ас нийсонца дажор ду Сайн жа».

17 «Аса хьуна, Сан жа, – боху Хьалдолчу Эло, – цхьана уьстагIний, вукху уьстагIний, иштта, коьмана а, божана а юкъахь еш, кхел йийр ю. 18 Шуна ца тоьу ткъа шаьш дикачу дежийлашкахь дежаш хилар? Аша-м дежийлаш тIехь йисина йолу буц шайн когашца хьоьшу. ЦIена хи молу аша, ткъа дисина долу хи шайн когашца даржадо. 19 Сан жено яа еза те аша шайн когашца хьешна йолу буц а, мала деза те аша шайн когашца бехдина долу хи а?»

20 Цундела Хьалдолчу Эло иштта боху цаьрга: «Ас-Айса йийр ю берстинчу уьстагIний, гIийлачу уьстагIний юкъахь кхел. 21 Аша массо а гIийлачу уьстагIна шайн агIонаш а, маIаш а етта, уьш шайна юкъара дIалахкархьама. 22 Амма Ас кIелхьардоккхур ду Сайн жа, уьш хIинца дуьйна цхьаммо а лечкъор а дац. Ас цхьана уьстагIний, вукху уьстагIний юкъахь кхел а йийр ю. 23 ‡Ас царна

† *Грекийн гочдар тIехь: *шура молу. *Iебархойн тептар тIехь: *мохь йоу.** †† *34:5 Лелар 27:17; Сулим 22:17; Маттай 9:36; Марк 6:34.*

тIе цхьа Iу хIоттор ву, Сайн ялхо волу Дауд. Цо уьш
дажор ду, иза церан Iу хир ву. [24] †Веза Эла волу Со
церан Дела хир ву, ткъа Сан ялхо волу Дауд царна
юкъахь эла хир ву. Иза Аса боху, Везачу Эло. [25] Ас
цаьрца машаран барт бийр бу, цу лаьтта тIера
къиза акхарой а дIайохур ю. Сан жа цхьа а кхерам
боцуш аренгахь дехар ду, цо хьаннашкахь
буьйсанаш а йохур ю.
[26] Ас декъалдийр ду уьш а, Сайн гуна гонах йолу
аре а. Ас шен-шен хенахь догIа а доуьйтур ду – иза
декъалдаран догIа хир ду. [27] Аренгарчу дитто
стоьмаш а лур бу, лаьтто ялта а лур ду, Сан
уьстагIий шайн лаьтта тIехь кхерамехь хир дац. Ас
дохор ду церан кочара дукъ, царах леш бинчу
нехан карара уьш схьабохур бу Аса. ТIаккха хуур ду
царна, Со Веза Эла вуйла. [28] Кхечу къаьмнашна уьш
ижунна кхин хир дац, аренгарчу акхароша а уьш
кхин дуур дац. Уьш маьрша дехар ду, ткъа цхьаммо
а уьш кхин кхерор дац. [29] Ас царна токхе долу ялта
дIаден латта лур ду. Кхин мацалла ловр яц цара,
кхечу къаьмнашкара кхардар а хир дац царна.
[30] ТIаккха царна дIахуур ду, церан Веза Дела волу
Со шайца вуйла, Исраилан халкъ долу уьш Сан
къам дуйла». Иштта боху Хьалдолчу Эло.
[31] «Шу – Сан уьстагIий долу адамаш ду, Сан
дежийлашкара уьстагIий. Ткъа Со шун Дела ву».
Иштта боху Хьалдолчу Эло.

## Дала Эдоман халкъана тIехь ден долу таIзар

35 ††Везачу Элан дош кхечира соьга: [2] «Адаман
кIант, СеIир-ломана дуьхьал вист а хилий,
Соьгара болу хаам а беш, [3] дIаала: „Иштта боху
Хьалдолчу Эло:

‘СеIир-лам, Со хьуна дуьхьал ву.
Ас Сайн ницкъ хьуна тIе а берзор бу,
хьох бассийна а, бохийна а мохк бийр бу.
[4] Хьан гIаланаш йоха а йина,
царах саьлнаш йина дIахIиттор ю Ас,
хьо бассор бу Ас,
тIаккха хуур ду хьуна, Со Веза Эла вуйла.

[5] Гуттара а Сан халкъана дуьхьал хьан
мостагIалла а дара, ткъа цунна хала киртиг
тIехIоьттинчу хенахь, царна тIехь долу таIзар
кхоччуш хилча, ахь Сан халкъ дIаделира, туьре
хIаллакдайтархьама. [6] Цундела дийна волчу Сайх
чIагIо йо Ас, – боху Хьалдолчу Эло, – хьо Айса
Iожалле дIакховдор бу аьлла, и Iожалла хьуна
тIаьхьаяьлла лелар ма ю. Хьо цIий ца Iенош ца
сацалора, и цIий хьуна тIаьхьадаьлла лелаш ду. [7] Ас
СеIир-лам, шена тIехь цхьа а адам ца дуьтуш,
бассор бу, Ас цу лам тIе воьдург а, цигара
юхавирзинарг а хIаллаквийр ву. [8] Ас лаьмнаш
декъех хьаладузур ду, уьш массо а гунаш тIехь а,
тогIеш чохь а, массо а Iаннаш чохь а Iохкуш хир ду,
туьро хIаллакдина. [9] Ас массо а ханна бассор бу
хьо, хьан гIаланашкахь вехаш цхьа а стаг хир вац,
тIаккха хуур ду хьуна, Со Веза Эла вуйла.
[10] Ахьа бехира: ‹И шиий а къам а, шиий а мохк а ‡
сан хир бу, оха уьш схьабохур бу›, цигахь Веза Эла
волу Со хиллехь а. [11] Цундела дийна волчу Сайх
чIагIо йо Ас, – боху Хьалдолчу Эло, – уьш цабезарна
ахь царна гайтинчу цабезаме а, эмгаралле а
хьаьжжина, Со хьоьца а хир ву. Аса хьуна кхел
ярехула царна хуур ду, Со муха ву. [12] ТIаккха хуур ду
шуна, аша Исраил-мехкан лаьмнашна, кхиссарш а
еш, мел дийцинарг Веза Эла волчу Суна хезна
хиллийла. Аша бохура: ‹Исраилан мохк бассийна!
Иза тхоьга баийта схьабелла бу!› [13] Иштта Суна
дуьхьал аша дозалла а дора, кура къамелаш а
дора’“.
[14] Хьалдолчу Эло боху: „Дерриг а дуьне
доккхадечу хенахь, Ас хьо бассор бу. [15] Исраил-мохк
бассийча, шу а дара даккхийдеш. Ткъа хIинца Аса
шуна а дийр ду цунна диннарг. СеIир-лам а, берриг
а Эдом-мохк а бассор бу. ТIаккха хуур ду шуна, Со
Веза Эла вуйла“».

## Исраил-мохк Дала декъалбар

36 «Адаман кIант! Соьгара болу хаам Исраил-
мехкан лаьмнашка бе: „Исраил-мехкан
лаьмнаш! ЛадогIа Везачу Эло бохучуьнга. [2] Иштта
боху Хьалдолчу Эло: ‘Шун мостагIаша шух лаьцна
элира: ‹Жолам-яI! Массо а заманашкахь лаьттина
долу лаьмнаш тхан дола девлла›’“. [3] Цундела,
Соьгара болу хаам а беш, дIаала: „Иштта боху
Хьалдолчу Эло: ‘МостагIаша, шуна массо а агIор го
а бина, шу дассийна, ткъа хIинца шу кхечу
къаьмнийн карахь а ду, наха шух лаьцна луьйш,
мотт бетташ а бу. [4] Цундела ладогIа, Исраил-мехкан
лаьмнаш, Хьалдолчу Элан даше. Цо боху
лаьмнашка, гунашка, Iаннашка, тогIешка, йохийна
лаьттачу меттигашка, иштта шуна гонах долчу
кхечу къаьмнашна ижуна хиллачу а, церан
кхардам хилла дIахIиттийначу а яьсса лаьттачу
гIаланашка’. [5] Иштта боху Хьалдолчу Эло: ‘Сайн
карзахдаьллачу эмгараллехь Ас элира кхечу
къаьмнашна а, Эдомна а дуьхьал, хIунда аьлча
цара, шайн дагахь са а къералуш, кхарда а
кхаьрдаш, Сан латта шайна дола даккхархьама
дIаэцна, цуьнан дежийлаш шайна ижу санна
хилийтархьама’“.
[6] Цундела, Исраил-мехкан лаьттах Соьгара болу
хаам а беш, дIаала цуьнан лаьмнашка а, гунашка а,
Iаннашка а, тогIешка а: „Иштта боху Хьалдолчу
Эло: ‘Ас Сайн карзахваларца а, оьгIазвахарца а
дIабохуш ду хIара, хIунда аьлча кхин къаьмнаш
шух кхаьрдаш хилла’“. [7] Цундела иштта боху
Хьалдолчу Эло: „Хьалаайинчу куьйгаца Ас чIагIо
йо: шуна гонах долчу къаьмнашна а тIебогIур бу
кхардам“.

‡ 34:23 Довзийтинарг 7:17. † 34:24 Яхьазкхиал 37:24. †† 35:1-15 ЕшаI-ЯхIу 34:5-17; 63:1-6; Ярми-ЯхIу 49:7-22; Яхьазкхиал 25:12-14; Iамос 1:11, 12; Iабди-ЯхIу 1:1-14; Малъаки 1:2-5.

‡ И шиий а къам а, шиий а мохк а *– кхузахь дуьйцурш Исраилан а, ЯхIудан а къаьмнаш а, мехкаш а ду.*

8 „Ткъа аша, Исраил-мехкан лаьмнаш, керла
дитташ кхиор ду, царна тIехь Сан Исраилан
халкъана стоьмаш кхиор бу, хIунда аьлча и къам
кестта цIа доьрзур ду. 9 Со шуьца ву, Ас гIо дийр ду
шуна. Шу охур а ду, шуна тIехь ялта дIа а дуьйр ду.
10 Шуна тIехь долу адамаш совдохур ду Аса. Иштта
шуна тIехь дерриг а Исраилан халкъ хир ду.
Дохийна мел дерг юхаметта а хIоттийна, гIаланаш
а адамех хьалаюзур ю. 11 Ас шуна тIехь дебор ду
адамаш а, хьайбанаш а. Церан дуккха а кIорнеш а,
береш а хир ду. Ас, хьалха ма-хиллара, шуна тIехь
нах а охьаховшор бу, хьалха хиллачул а сов шуна
беркат а лур ду. ТIаккха хуур ду шуна, Со Веза Эла
вуйла. 12 Ас Сайн Исраилан халкъ шуна тIехула
лоьлуьйтур ду. Шу церан долахь хир ду, аша кхин
цкъа а церан дог а дохор дац, уьш тIаьхье йоцуш а
дитина“.
13 Иштта боху Хьалдолчу Эло: „Исраил-мехкан
латта, хьох лаьцна вон мел дерг дуьйцу, ахьа хьайн
халкъ а дIакхоллу боху, иштта хьайн тIаьхье а
хIаллакйо боху. 14 Ахьа хьайн халкъ кхин
дIакхоллур дац, иза тIаьхье йоцуш а дуьтур дац
ахьа“. Иштта боху Хьалдолчу Эло: 15 „Ас кхечу
къаьмнийн кхардам хьуна кхин хозуьйтур а бац,
кхечу халкъаша хьо кхин юьхьIаьржачу хIоттор а
дац, ахьа хьайн къам кхин галдолуьйтур а дац“.
Иштта боху Хьалдолчу Эло».

### Исраилхойн керла дахар

16 ТIаккха соьга Везачу Элан дош кхечира:
17 «Адаман кIант! Исраилан халкъо, шен лаьтта
тIехь ша дехачу хенахь, и латта шен вон леларца
бехдора. Церан лелар зудчун ламаз доьхначу
хенахь боьха хиларх тера дара. 18 Цара Iанийна
цIий бахьана долуш а, иштта шайн цIушца хIара
латта цара бехдина дела а, Ас Сайн оьгIазалла
царна тIе яссийна. 19 Аса уьш кхечу
къаьмнашкахула дIаса а даржийна, кхечу
мехкашкахула дIаса а кхиссина. Ас, цара лелийна
долчу гIуллакхашка хьаьжжина, кхел йина царна.
20 ТIаккха уьш кхечу мехкашка дIабахара, амма
цигахь а цара Сан еза цIе сийсазъяьккхира, хIунда
аьлча цигарчу халкъаша бохура: „Иза – Везачу
Элан къам ду, амма Цуьнан лаьтта тIера арадала
дезаш хили иза“. 21 ТIаккха Ас сагатдайтира Сайн
еза цIе бахьана долуш, Исраилан халкъо
сийсазъяьккхина йолчу.
22 Цундела дIаала Исраилан халкъе Хьалдолчу
Эло бохуш дерг: „Хьан дуьхьа дийр дац Аса иза,
Исраилан халкъ, амма шаьш арадевллачу
къаьмнашна юкъахь ахьа сийсазъяьккхина йолу
Сайн еза цIе бахьана долуш дийр ду. 23 Ас язйийр ю
Сайн сийлахь цIе, кхечу къаьмнашна юкъахь
бехйина йолу – аша и цIе царна юкъахь бехйинера.
Оцу къаьмнашна хуур ду, Со Веза Эла хилар, – боху
Хьалдолчу Эло, – шуьгахула Аса Сайн возалла
царна хьалха гайтича.
24 Ас шу кхечу къаьмнашна юкъара схьадохур ду.
Ас шу массо а мехкашкара схьагулдийр а ду,
шайн лаьтта шу юха а далор ду.
25 Ас шуна тIе цIена хин цинцаш деттар ду,
тIаккха шайн мел йолчу боьхаллех цIан а лур ду
шу.
Шун массо а цIуйх Аса цIандийр ду шу.
26 †Ас шуна керла дог а лур ду,
иштта керла са а кхуллур ду Ас шуна.
Шуна чуьра шун тIулган дог дIа а даьккхина,
шуна дилханан дог кхуллур ду Аса.
27 Ас шуна чу Сайн Са дуьллур ду,
Аса шу Сайн парзашца лоьлуьйтур а ду,
Сан тIедехкинарш, лар а деш, кхочушдойтур а ду.
28 ТIаккха Ас шайн дайшна деллачу лаьтта тIехь
дехар ду шу,
шух Сан халкъ хир ду,
ткъа Со шун Дела хир ву
29 Ас шайн боьха хиларх мукъадохур ду шу,
Аса кIа схьакхойкхур ду,
ткъа иза дебор а ду,
шуьга мацалла а хьоьгуьйтур яц
30 Ас шун дитташ тIера стоьмаш а,
кхаш тIера ялта а дебор ду,
кхидолу къаьмнаш, мацалла хIоттар бахьана
долуш,
шух кхин ца кхардийта.
31 ТIаккха дагадогIур ду шуна шаьш дIакхехьна
долу вон некъаш а, шаьш дина долу вонаш а. Цул
тIаьхьа шаьш шайх дог дер ду шун шаьш летийна
къинош а, дегаза гIуллакхаш а бахьана долуш.
32 Шуна дIахоийла, Ас иза шун дуьхьа дийр дац
доцийла, – боху Хьалдолчу Эло. – ЦIий а луш,
юьхьIаьржачу хIуттийла хьо, хьайн некъаш
бахьана долуш, Исраилан халкъ“.
33 Иштта боху Хьалдолчу Эло: „Шайн мел долчу
къинойх Ас шу цIандийр долчу дийнахь, шайн
гIаланашкахь нах юха охьаховшор а бу, йохийна
йолу шун меттигаш юхаметтахIиттийна а хир ю.
34 Дассийна хилла долу шун латта юха а ялта луш
дIахIуттур ду, тIехбуьйлуш мел лелачарна хьалха
кхин яьсса аре хилла а ца лаьтташ. 35 Цара эр ду:
‘ДIаяханчу заманахь хIара латта даьсса лаьтташ
дара, ткъа хIинца хIара Iеданан беш санна ду.
Кхузара гIаланаш йохийна, яссийна, хIаллакйина
лаьтташ яра, ткъа хIинца уьш чIагIйина ю, цу чохь
адамаш а ду дехаш’. 36 ТIаккха шуна гонах дисинчу
къаьмнашна хуур ду, Веза Эла волчу Ас йохийна
йолу гIаланаш юхаметтахIиттийна хилар а, яьссачу
меттигашна тIехь юха ялта дIадийна хилар а. Веза
Эла волчу Аса иштта элира, ткъа Айса аьлларг
кхочуш а дийр ду Аса“.
37 Иштта боху Хьалдолчу Эло: „Ас Исраилан
халкъе кхин а цкъа Со лоьхуьйтур ву, церан дуьхьа
Со лелийтархьама. Ас уьш, жа ма-деббара,
доьбуьйтур бу. 38 Ярушалаймехь динан дезачу
деношкахь сагIина лерина долу уьстагIий ма-
хиллара дукха адам хир ду йохийначу

† 36:26-28 *Яхьазкхиал 11:19, 20.*

гIаланашкахь. ТIаккха хуур ду царна, Со Веза Эла
вуйла“».

### Якъаеллачу даьIахкийн тогIи

37 Везачу Элан ницкъ боьссира суна тIе,
Цуьнан Сино, цигара дIа а ваьккхина, тогIи
чу охьавоссийра со. Цу тогIи чохь дукха даьIахкаш
яра. 2 Цо цу даьIахкашна го баккхийтира соьга,
ткъа Суна гира тогIин бухахь йолу уьш чIогIа дукха
хилар. Со инзарвелира и даьIахкаш вуно якъаелла
хилар бахьана долуш. 3 ТIаккха Везачу Эло соьга
элира: «Адаман кIант! Денлур юй те и даьIахкаш?»
Ас жоп делира: «Хьалдолу Эла! Иза Хьуна цхьанна
хаьа».
4 Везачу Эло соьга элира: «Соьгара хаам а беш,
дIаала оцу даьIахкашка: „Екъа даьIахкаш! ЛадогIа
Везачу Элан даше!“ 5 Иштта боху Хьалдолчу Эло
хIокху даьIахкашка: „Ас шуна чу са доуьйтур ду,
тIаккха шу денлур ю. 6 Ас шуна кIозйохург а, дилха
а юхадерзор ду, шуна тIе чкъор а далор ду, цул
тIаьхьа шуна чу са а дуьллур ду, тIаккха шу денлур
ю. Иштта хуур ду шуна Со Веза Эла вуйла“».
7 Ас Везачу Элера болу хаам бора, сайна тIе-ма-
диллара. Аса хаам бечу хенахь тата санна йолу
цхьа гIовгIа елира. Юха и даьIахкаш вовшашна
тIеттIа йоьлхура. 8 Суна гира царна тIе кIозйохург а,
дилха а дуьллуш, цул тIаьхьа царна тIе чкъор
озийра, амма царна чохь са дацара.
9 ТIаккха Цо соьга элира: «Адаман кIант, Соьгара
болу хаам а беш, дIаала сине: „Иштта боху
Хьалдолчу Эло: ‘Ва са, массо а маьIIера хьайн Iаь
тохий, хIокху хIаллакбиначарна чу са даийта,
тIаккха уьш денлур бу’“».
10 †Цо Суна тIе-ма-диллара, Ас Хьалдолчу Элера
болу хаам бира. ТIаккха цу декъашна чу са деара,
уьш ден а делла, хьалагIевттира. Уьш доккха эскар
хиллал чIогIа дукха бара.
11 ТIаккха Цо соьга элира: «Адаман кIант! ХIара
даьIахкаш Исраилан дерриг а халкъ ду. Цара боху:
„Тхан даьIахкаш якъаелла, тхан сатийсам а
дIабаьлла, хиндерг тхох дIа а хаьдда“. 12 Цундела,
Соьгара болу хаам а беш, дIаала цаьрга: „Иштта
боху Хьалдолчу Эло: ‘Сан халкъ, Ас шун къуббанаш
схьайостур ю, цул тIаьхьа Ас шу, шайн кешнашкара
ара а даьхна, Исраилан махка юхадалор ду. 13 Аса,
шун къуббанаш схьа а йиллина, цу чуьра шаьш
арадаьхча, хуур ду Сан халкъ долчу шуна Со Веза
Эла вуйла. 14 Ас шуна чу Сайн Са дуьллур ду, шу ден
а лур ду. Цул тIаьхьа Ас шу шайн лаьтта тIе даха
охьаховшор ду. ТIаккха хуур ду шуна Веза Эла
волчу Аса иштта аьллийла а, ткъа Айса аьлларг Аса
кхочушдинийла а’“».

### ЯхIудан халкъ а, Исраилан халкъ а вовшахтохар

15 Соьга юха а Везачу Элан дош кхечира:
16 «Адаман кIант, хьайна цхьа гIаж схьа а эций, цу
тIе дIаязде: „ЯхIудан тайпа а, цуьнца бертахь болу
исраилхой а“. Цул тIаьхьа шолгIа гIаж схьа а эций
(иза Эпрайман гIаж ю), цу тIехь а дIаязде: „Юсупан
тайпа а, цуьнца бертахь долу дерриг Исраилан
халкъ а“. 17 Цул тIаьхьа и ши гIаж, цхьа гIаж йолуш
санна, цхьаьна дIалаца хьайн куьйгахь. 18 Хьан
халкъо хьайга, и хIун ду бохуш, хаттар дича,
19 цуьнга дIаала: „Иштта боху Хьалдолчу Эло:
‘Эпрайман карахь йолу Юсупан гIаж а, цуьнца
бертахь долу Исраилан тайпанаш а Ас ЯхIудан
гIожаца цхьаьна дIалоцур ду, цхьа гIаж санна. Уьш
Сан карахь цхьаъ санна хир бу’“.
20 Айхьа тIехь яздина йолу ши гIаж царна хьалха
хьайн куьйгахь латтае. 21 ДIаала халкъе: „Иштта
боху Хьалдолчу Эло: ‘Шаьш дIабаханчу меттера
къаьмнашна юкъара схьабохур бу Ас исраилхой.
Массо а маьIIера уьш схьа а гулбина, шайн лаьтта
тIе схьабалор бу Аса. 22 ХIокху лаьтта тIехь, Исраил-
махкарчу лаьмнашкахь, Ас уьш цхьа къам дина
дIахIиттор бу. Царна массарна а тIехь паччахьалла
деш цхьа паччахь хир ву. Уьш кхин лелар бац
шина къоме бекъабелла а, шина пачхьалкхе
бекъабелла а. 23 Цара шаьш кхин бехдийр дац
шайн цIушца а, я шайн дегазчу гIуллакхашца а, я
шаьш мел летийначу зуламашца а. Ас массо а
къинойх кIелхьара а даьккхина, цIандийр ду и
къам. Царах Сан халкъ хир ду, ткъа Со церан Дела
хир ву. 24 ††Сан ялхо волу Дауд церан паччахь хир
ву, царна массарна а тIехь цхьа Iу а хир ву. Уьш Сан
тIедехкинаршца лелар бу, цара Сан парзаш,
кхочуш а деш, лар а дийр ду. 25 Уьш Аса Сайн ялхо
волчу Якъубана делла долчу лаьтта тIехь баха
ховшур бу. Цу лаьтта тIехь церан дай а баьхна,
цигахь уьш а, церан бераш а, берийн бераш а
дехар ду массо а хенахь, ткъа Сан ялхо волу Дауд
церан эла хир ву массо а хенахь. 26 Ас массо а ханна
цаьрца машаран барт бийр бу. Ас уьш баха а
ховшор бу, дебор а бу, иштта царна юкъахь массо а
ханна Сайн еза меттиг дIа а хIоттор ю. 27 ‡Царна
юкъахь хир ю Сан хIусам. Со церан Дела хир ву,
ткъа царах Сан халкъ хир ду. 28 Сан Деза цIа царна
юкъахь гуттаренна а хилча, кхечу къаьмнашна
хуур ду, Со Исраилан халкъ Сайна лерина даздеш
волу Веза Эла вуйла’“».

### ГIогIана тIехь толам баккхар

38 Соьга Везачу Элан дош кхечира: 2 ‡†«Адаман
кIант, Машах а, Тубал а цIераш йолчу
меттигийн МагIогI-махкарчу коьрта эла ‡‡ волчу
ГIогIехьа дIа а верзий, цунна дуьхьал вистхила.
Соьгара болу хаам а беш, дIаала цуьнга: 3 „Везачу
Эло иштта боху: ‘Ва ГIогI, Машахан а, Тубалан а
коьрта эла ‡‡† волчу хьуна дуьхьал ву Со! 4 Ас

† 37:10 Довзийтинарг 11:11.

†† 37:24 Яхьазкхиал 34:24. ‡ 37:27 2 Коринтхошка 6:16; Довзийтинарг 21:3. ‡† 38:2 Довзийтинарг 20:8. ‡‡ Машахан а, Тубалан а коьрта эла *– я иштта: *Рошан а, Машахан а, Тубалан а эла.* ‡‡† Машахан а, Тубалан а коьрта эла *– я иштта: *Рошан а, Машахан а, Тубалан а эла.*

юхаверзор ву хьо. Хьан мочхална юккъе мIерий а
дехкина, Ас аравоккхур ву хьо а, дерриг а хьан
эскар а – кхоччуш тIамана кечбелла болу дошлой а,
говраш а. Иза вуно йоккха эскархойн тоба хир ю.
ТIемалой даккхий а, жима а турсаш долуш хир бу,
карахь тарраш а долуш. 5 Парсихойн а, *хушахойн* а,
пIатIахойн а тIемалой а хир бу цаьрца, шайн
турсашца а, гIемашца а. 6 Иштта шен эскарийн
тобанашца волу Гомар а, кхин а генарчу
къилбаседехьара схьавеана волу а, шен эскарийн
тобанашца волу а Байт-ТогIарма а хир ву цаьрца.
Дуккха а къаьмнаш хир ду хьоьца. 7 Кечам а бай,
кийча хила хьо а, хьуна тIегулделла массо а эскар а,
ткъа хьо церан баьчча а хила. 8 Дуккха а денош
дIадевллачул тIаьхьа хьо тIом бан тIекхойкхур ву.
Хинйолчу заман чохь хьо тIом бинчуьра
юхаметтахIоьттинчу махкана тIегIуртур ву. Дуккха а
къаьмнашна юкъара оцу мехкан нах гулбинера
еххачу хенахь даьсса лаьттина долчу Исраил-
мехкан лаьмнашка. Оцу мехкан халкъ кхечу
къаьмнашкара арадаьккхинера, ткъа хIинца уьш
массо а кхерам а боцуш цу лаьтта тIехь дехаш ду.
9 Амма хьо царна тIелетар ву, йочана я дерриге а
латта къайладоккхуш йолу Iаьржа марха санна, тIе
а хьаьдда. Хьо а, хьан эскар а, хьоьца кхин а дуккха
а кхидолу къаьмнаш а кху лаьттана тIелетар ду’.
10 Иштта боху Хьалдолчу Эло: ‘Цу дийнахь хьан
даг чохь цхьа ойла кхоллалур ю, тIаккха хьуна вон
хIума дан дагадогIур ду. 11 Ахьа эр ду: ‹Со ваха а
вахана, чIагIйина йоцучу гIаланашна тIелетар ву.
Уьш маьрша бехаш бу, шайна цхьа а кхерам бац
бохуш, церан я пенаш а дац, я гIорашца къовлуш
долу кевнаш а дац. 12 Ас, царна тIехь толам а
баьккхина, церан массо а хIума хIонс санна дIахьур
ду. Аса тIом бийр бу йохийначуьра
юхаметтахIиттийначу гIаланашна дуьхьал, кхечу
къаьмнашкара гулдинчу халкъана дуьхьал а. Оцу
халкъан даьхни а, бахам а бу, иза дуьненна
юккъехь Iаш ду›. 13 Шеба а, Даддан а гIаларчу наха
а, Таршаш-гIаларчу совдегарша а, цуьнан мел
йолчу ярташа а хьоьга хоттур ду: ‹Хьо талор дан
веана те, ахьа хIара эскар исраилхошкара массо а
хIума: деши, дети, даьхни, кхидолу хIума дIадахьа
гулдина те?›’”.
14 Цундела, адаман кIант, Соьгара болу хаам а
беш, дIаала ГIогIе: „Хьалдолчу Эло иштта боху
хьоьга: ‘Сан Исраилан халкъ, шена кхерам боцуш
дехаш хетачу хенахь, ахь тидам бийр бу цуьнан.
15 Къилбаседехьа болчу генарчу хьайн махкара
схьавогIур ву хьо, хьайца дуккха а къаьмнийн
эскархой а балош, уьш берриш а дошлой хир бу.
16 Хьо Сан Исраилан халкъана тIелата вогIур ву, хьо
лаьтта тIехула дIаяьржина йолу Iаьржа марха
санна хир ву. И хан тIекхаьчча, Ас хьо Сайн
халкъана дуьхьал тIом бан валор ву, къаьмнашна
Со вовзийтархьама, хьоьгахула Аса царна хьалха
Сайн возалла гайтича’. 17 Хьалдолчу Эло боху: ‘Хьо
вуй те Ас хьалхарчу заманахь Сайн ялхой болчу
Исраил-мехкан пайхамаршкахула вийцинарг? Цу
хенахь Ас элира, царна дуьхьал ваккха хьо валор
ву Ас аьлла.
18 Оцу дийнахь, ГIогIа † Исраил-махкана дуьхьал
тIом болийча, – боху Хьалдолчу Эло – Сан
оьгIазалла карзахъер ю. 19 Сайн эмгараллица, Сайн
дераллин цIерца Ас чIагIо йо, оцу дийнахь Исраил-
махкахь чIогIа мохк бегор бу аьлла. 20 Дуьнен чохь
дийна мел долу хIума Суна хьалха кхерарна дегош
хир ду: хIорда чохь долу чIерий, стигалахь долу
олхазарш, аренгахь лелаш йолу акхарой,
лаьттахула текхаш мел йолу хIума, иштта лаьтта
тIера хIора стаг а. Лаьмнаш охьакхиссина хир ду,
баххьийн йистош охьаэгар ю, дерриг а пенаш
лаьтта охьаэгар ду. 21 Дерриг а Сан лаьмнашкахула
Сайн тур схьакхойкхур ду Аса ГIогIана дуьхьал тIом
бан, – боху Хьалдолчу Эло. – ХIора тIемалочо шен
вешина тIе тур хьалаойур ду. 22 Ас цунна таIзар
дийр ду уьнца а, цIийца а. Ас цунна а, цуьнан
эскарна а, иштта цуьнца цхьаьна долчу дуккха а
къаьмнашна а тIе массо а хIума къайладоккхуш
долу догIа доуьйтур ду, къора а тухуьйтур ю, цIе а,
саьмгал а хьажор ду Ас цунна тIе. 23 ТIаккха Ас
дIагойтур ду, Со сийлахь а, веза а хилар, иштта
дуккха а къаьмнашна довзуьйтур ду Аса Со мила
ву. ТIаккха царна хуур ду Со Веза Эла вуйла’”».

## ГIогIах лаьцна хиндерг алар

39 «Адаман кIант, Соьгара болу хаам а беш,
дIаала ГIогIе: „Иштта боху Хьалдолчу Эло: ‘Ва
ГIогI, Машахан а, Тубалан а коьрта эла †† волчу
хьуна дуьхьал ву Со! 2 Хьо юха а верзийна, Аса
дIакхоьхьур ву хьо. Генарчу къилбаседехьара хьо
схьа а валийна, Исраилан лаьмнашна дуьхьал
дIавуьгур ву Ас. 3 ТIаккха Ас хьан аьрру куьйгара
секхаIад дIадоккхур ду, хьан аьтту куьйгара
пхерчий дIакхуьссур ду. 4 Исраилан лаьмнашкахь
вуьйр ву хьо – хьо а, хьан эскар а, хьоьца кхидолу
къаьмнаш а. Ас хьо массо а къийгашка а, аренан
акхарошка а ваийта дIалур ву. 5 Хьо аренгахь вуьйр
ву, Аса иштта аьлла дела – боху Хьалдолчу Эло. –
6 Везачу Эло боху: ‹Ас МагIогI-махкана тIе а, хIордан
йистехь кхерам боцуш дехаш долчу адамашна тIе а
цIе хьажор ю. ТIаккха царна хуур ду, Со Веза Эла
вуйла. 7 ТIаккха Аса Сайн еза цIе Сайн Исраилан
халкъана дIайовзуьйтур ю. Ас кхин
сийсазйохуьйтур яц Сайн цIе, ткъа массо а
къаьмнашна дIахуур ду, Веза Эла волу Со Исраилан
халкъан Везаниг вуйла.
8 Гой хьуна, и хIума тIекхочуш ду, иза кхочуш а
хир ду, – боху Хьалдолчу Эло. – Ас дийцина долу де
ма ду иза!
9 ТIаккха Исраил-махкарчу гIаланашкахь бехаш
болчу бахархоша, ара а бевлла, цIе а латийна, цу
цIергахь герз дагор ду – кегий а, даккхий а турсаш

† *ГIогI *– иза, схьахетарехь, къоман цIе ю.** †† *Машахан а, Тубалан а коьрта эла *– я иштта: *Рошан а, Машахан а, Тубалан а эла.**

а, секхаIедаш а, пхерчий а, хьокхий а, гоьмукъаш а.
ВорхI шарахь шайн цIерашкахь дагор ду цара уьш.
10 Цара аренгахь дечиг а гулдийр дац, хьаннашкахь
дитташ а хедор дац – мостагIийн герз чIеш хилла
дIахIуттур ду царна. Шайгара хIонс а яьккхина,
талор диначарна цара талор дийр ду, цаьргара
хIонс а йоккхур ю›‘“». Иштта боху Хьалдолчу Эло.

## ГIогI дIаволлар

11 «Ас Исраил-махкахь меттиг билгалйоккхур ю,
ГIогI дIаволлийта. Иза хир ю хIорд болчу агIонгара
малхбалехьа, Беллачийн ТогIи † чохь. Цу меттиго
некъахойн некъ сацор бу. Наха цунна, ГIогIан
эскаран тогIи аьлла, цIе туьллур ю. 12 ВорхI баттахь
дIабухкур бу уьш Исраилан халкъо, шайн латта
царах дIацIандеш. 13 Дерриг а халкъ хир ду уьш
дIабухкуш, ткъа халкъана иза сийнна хир ду Ас
Сайн сийлалла дIагойтуш долу и де». Иштта боху
Хьалдолчу Эло. 14 «Цара леррина нах билгалбохур
бу, махкахула чекх а буьйлуш, льатта тIехула
дисина долу беллачийн декъий цаьрга
дIадохкийта, шайн латта цIандархьама. ВорхI бутт
дIабаьллачул тIаьхьа уьш и декъий лаха арабовла
беза. 15 Декъий схьалохуш волчунна адаман цхьа
даьIахк гича, цо цунна улло билгало хIотто еза, и
декъий дIадухкуш лелаш болчарна и билгало
гинчул тIаьхьа, уьш ГIогIан эскаран тогIи чохь
дIадохкийта. 16 Цу беллачеран гIалина, ХIамуна
(эскарийн тоба) аьлла, цIе туьллур ю. Иштта
цIандина хир ду и латта.
17 ††Адаман кIант, иштта боху Хьалдолчу Эло:
„Массо а олхазаршка а, аренгахь лелачу акхарошка
а дIаала: ‘Массо а гонахарчу меттигера схьагулло Ас
шайна кечдина сагIа долчу. Иза Исраил-мехкан
лаьмнашкахь даьккхина доккха сагIа ду, цигара
дилха а даа, цIий а мала. 18 Аша майрачу тIемалойн
дилха дуур ду, Лаьттан элийн цIий а мер ду, ткъа
уьш Башанехь дустийна уьстагIий а, Iахарий а,
гезарий а, стерчий а санна хир бу. 19 Аша шаьш
дуззалц мохь а юур ю, шаьш даххалц цIий а мер ду,
Ас шайна даьккхинчу сагIанах. 20 Сан шуьна тIехь
шу дуззалц яа говраш а, дошлой а, майра тIемалой
а, иштта массо а тайпана эскархой а хир бу’“».
Иштта боху Хьалдолчу Эло.

## Исраил-мохк юхаметтахIоттор

21 «Ас халкъашна Сайн сийлалла гучуйоккхур ю,
тIаккха массо а къаьмнашна Ас йина кхел дIагур ю,
царна Сан ницкъ а дIагур бу. 22 Оцу дийнахь дуьйна
Исраилан халкъана хуур ду, Со шайн Веза Дела
вуйла. 23 Массо а халкъашна дIахуур ду Исраилан
халкъ шен къа бахьана долуш йийсаре дигна
хилар, хIунда аьлча иза Суна тешаме ца хилла.
Иштта Аса, цунах Сайн юьхь къайла а яьккхина,
иза цуьнан мостагIийн кара дIаделира, цаьрга иза
эшадайтархьама а, тIамехь далийтархьама а. 24 Со
цаьрца лелла, церан боьха хиларе а, цара
летийначу зуламашка а хьаьжжина. Иштта Аса
Сайн юьхь царах къайлаяьккхина».
25 Цундела Хьалдолчу Эло боху: «ХIинца Ас
Якъубан тIаьхье юхаметтахIоттор ю. Ас къинхетам
бийр бу дерриг а Исраилан халкъах, иштта Сайн
еза цIе Ас ларийийр ю. 26 Шаьш цхьа а кхерам а
боцуш машаре даха хевшича, уьш юьхьIаьржачу
хIиттина лелар а бу, Суна шаьш схьагайтина долу
шайн тешаме цахилар а лелош. 27 Ас Сайн халкъ
кхечу къаьмнашкара юхадерзор ду, Ас иза цуьнан
мостагIийн мехкашкара схьагулдийр ду, ткъа
иштта Аса дуккха а къаьмнашна хьалха дIагойтур
ду, Со веза хилар. 28 Иштта хуур ду царна, Со церан
Веза Дела вуйла, хIунда аьлча уьш кхечу
къаьмнашна юкъа Ас йийсаре бахийтинехь а,
хIинца уьш, схьа а гулбина, шайн лаьтта тIе
схьабалор бу, царах цхьа а цигахь вуьтур а вац.
29 Ас кхин цкъа а царах Сайн юьхь къайлайоккхур
яц, хIунда аьлча Ас Сайн Синан Iаь тухур ю
Исраилан халкъана тIе». Иштта боху Хьалдолчу
Эло.

## Яхьазкхиал Ярушалаймана тIевалор

40 Халкъ Бавеле дIадигначул тIаьхьа ткъе
пхоьалгIачу шеран хьалхарчу беттан
уьтталгIачу дийнахь, бавелхоша Ярушалайм
йохийна дейтта шо кхочуш – оццу дийнахь Суна тIе
Везачу Элан ницкъ боьссира, ткъа Цо со оцу гIала
дIаваьхьира. 2 ‡Дала хIиттийначу суьрташкахь Цо
со Исраил-махка а валийна, вуно лекхачу лам тIе
дIахIоттийра. Ткъа цу лам тIехь къилбехьа йолчу
агIонгахь гIала йолуш санна цхьа гIишлош
хеталора. 3 ‡†Везачу Эло со цига схьавалийра.
Цигахь цIаста санна къегаш долу амат долуш волу
цхьа стаг вара. Кевнна уллохь дIа а хIоьттина,
лаьтташ волчу цуьнан карахь хIума юстуш йолу
в�танан тIийраг а, иштта хIума юстуш йолу гIаж а
яра.
4 Цу стага соьга элира: «Адаман кIант, хьайн
бIаьргашца хьажа а хьажа, хьайн лергашца ла а
догIа, хьайн дог ас гойтуш долчу массо а хIуманна
тIе а дерзаде, хIунда аьлча хьо и дерриг а гайта
валийна ву кхуза. Хьайна мел гинарг Исраилан
халкъе дIадийца».

## Малхбалера ков

5 ‡‡Суна Делан цIийнан кертана гонахула бина
болу пен гира. Цу стеган карахь суна хIума юстуш
йолу гIаж гира, ялх дол хиллал еха а йолуш (хIора
дол цхьа шира доллий, цхьа шей лоруш яра). Цу
стага пенан шоралла юьстича, иза цхьана гIожан
барамехь шуьйра а, оццул лекха а яра. 6 Цул
тIаьхьа, малхбалехьа дIадерзийна динчу кевнна

† Беллачийн ТогIи *– я иштта: *Чекхбевллачийн ТогIи.* †† 39:17-20 Довзийтинарг 19:17, 18.

‡ 40:2 Довзийтинарг 21:10. ‡† 40:3 Довзийтинарг 11:1; 21:15. ‡‡ 40:5–42:20 Сулим 6:1-38; 2 Шерашкахь 3:1-9.

улло а вахана, цуьнан ламеш тIехула хьала а ваьлла, неIсагIа дуьстира цо. Оцу неIсагIин шоралла цхьана гIожан барамехь яра †. 7 ХIора агIонгара йолу чоь цхьа гIаж шуьйра яра. Чоьнашна юккъехь долу пенаш пхи дол дара. Ткъа кевнал тIехваьллачул тIаьхьа йолчу ученна уллохь долу неIсагIа цхьана гIожан барамехь шуьйра дара. 8 ТIаккха цо Делан цIийнан агIор йолчу ученан ков дуьстира, иза цхьана гIожан барамехь дара. 9 Цул тIаьхьа цо ученан ков дуьстира – иза бархI дол хилира, ткъа цуьнан пенийн гIорторан шоралла ши дол яра. И уче Делан цIийнан ков долчу агIор яра. 10 Малхбалехьа дIадерзийна долчу кевнан хIора агIонгахь кхоккха жима цIа дара, уьш хIора а цхьана барамехь дара, шина а агIор йолу пенийн гIортораш санна.

11 Кевнийн шоралла цо юьстича, иза итт дол яра, ткъа церан дохалла кхойтта дол яра. 12 ХIора чоьнна хьалха схьаеана меттиг яра, цхьа дол лекха а йолуш, ткъа вукху агIор и санна схьаеана меттиг яра. Цу чоьнийн хIора агIо ялх дол яра. 13 Цул тIаьхьа цо цхьана чоьнан тхевнна тIера дуьхьаларчу чоьнан тхевнна тIе кхаччалц йолу меттиг юьстира, иза ткъе пхиъ дол хилира. Цу чоьнийн неIарш дуьхь-дуьхьал яра. 14 Пенийн гIорторийн лакхалла юьстича, иза кхузткъа дол яра. Ткъа ков кертан пенан гIорторана тIекхаччалц гонах догIура. 15 Кевнан чуволучу меттигера ученна тIехьа йолчу меттиге кхаччалц болу барам шовзткъе итт дол бара. 16 Кевнна чухула а, церан пенийн гIорторашкахь а массанхьа а дIакъевлина кораш дара. Иштта ученна чухула массанхьа а изза кораш дара. Ткъа пенан гIорторана тIехь диллина хурма-диттан суьрташ дара.

## Арахьара керт

17 Цу стага со арахьарчу керта валийра. Цигахь суна чоьнаш гира. Ерриге а цу кертахула йиллина тIулган цIенкъа яра, уллохь ткъе итт чоь а йолуш. 18 И цIенкъа кевнийн агIонашкахь йина яра, цу кевнийн барамехь еха а яра. Иза лахара цIенкъа яра.

19 ТIаккха цу стага лахарчу кевнан чоьхьарчу меттигера чоьхьарчу кертан арахьарчу агIор тIе кхаччалц болу барам буьстира. Иза малхбалехьа а, къилбаседехьа а дIаюьстича, цхьа бIе дол хилира.

## Къилбаседера ков

20 Цо дохалла а, шоралла а юьстира арахьарчу кертан къилбаседехьа арадолучу кевнан. 21 Цигахь а хIора агIонгахь кхоккха чоь яра, шен пенийн гIортораш а, шен уче а йолуш. Оцу кевнан барам, хьалхарчу кевнан санна, дохалла шовзткъе итт дол, ткъа шоралла ткъе пхиъ дол яра. 22 Цуьнан кораш а, схьаеана меттигаш а, хурма-диттан суьрташ а, малхбалехьа долчу кевнан санна дара. Кевнна тIе воьдуш болчу ламин ворхI тIегIа дара, ткъа уче цунна дуьххьал лаьтташ яра. 23 Чоьхьарчу кертан а ков дара. Иза къилбаседехьарчу кевнна дуьххьал лаьтташ дара, малхбалехьарчу кевнах тера а дара. Цу стага цхьана кевнна тIера дуьххьал лаьтташ йолчу вукху кевнна тIекхаччалц йолу меттиг юьстича, иза бIе дол хилира.

## Къилбера ков

24 ТIаккха цо со къилбехьа дIавигира. Цигахь суна къилбехьара ков гира. Цуьнан гIорторан пенаш а, уче а цо юьстича, церан барам хьалхалерчийн санна бара. 25 Кевнна а, ученна а чухула массанхьа а кораш дара, хьалхалерчийн санна. Кевнан дохалла шовзткъе итт дол дара, ткъа шоралла – ткъе пхиъ. 26 Кевнна тIе воьдуш болчу ламин ворхI тIегIа дара, ткъа уче цунна дуьххьал лаьтташ яра. Шинна а агIор лаьтташ гIорторан пенаш дара, шайна тIехь палма олучу диттийн суьрташ а долуш. 27 Чоьхьарчу кертан къилбехьа йолчу меттехь а дара ков. Цхьана кевнна тIера дуьйна вукху кевнна тIе кхаччалц йолу меттиг бIе дол яра.

## Чоьхьарчу кертан кевнаш

28 Къилбехьарчу кевнехула чоьхьарчу керта тIе валийра со цу стага. Цо къилбехьара ков а дуьстира. Цуьнан барам вукхеран санна хилира. 29 АгIонгара чоьнаш а, гIорторан пенаш а, ученаш а хьалхарчеран барамехь яра. Кевнна а, ученна а чухула массанхьа а кораш дара. Кевнан дохалла шовзткъе итт дол, шоралла ткъе пхиъ дол дара. 30 (Чоьхьарчу кертана чуйоьдуш йолчу ученийн барам, уьш юьстича, ткъе пхиъ дол яра, ткъа шоралла – пхи дол.) 31 Къилбехьарчу кевнан уче арахьарчу керта арайолуш яра, пенийн гIорторашна тIехь хурма-диттан суьрташ дара, ткъа кевнан ламин бархI тIегIа а дара.

32 Цо со чоьхьарчу керта тIе воьдучу малхбалехьарчу кевне вигира. Цигара ков дуьстича, цуьнан хьалхалерчийн санна барам хилира. 33 Оцу кевнан агIонгара чоьнаш а, гIорторан пенаш а, уче а хьалхарчеран барамехь яра. Кевнна а, ученна а чухула массанхьа а кораш дара. Малхбалехьара ков дохалла шовзткъе итт дол дара, ткъа шоралла ткъе пхиъ дол яра. 34 Цуьнан уче арахьарчу керта арайолуш яра, шинна а агIор пенийн гIортораш яра, ткъа ламин бархI тIегIа а дара.

35 Цул тIаьхьа цо со къилбаседехьарачу кевне валийра, иза дуста а дуьстира. Цуьнан барам хьалхалерчийн санна бара. 36 Оцу кевнан а агIонгара чоьнаш а, гIорторан пенаш а, уче а яра. Кевнна а, ученна а чухула массанхьа а кораш дара. Ков дохалла шовзткъе итт дол дара, ткъа шоралла – ткъе пхиъ дол. 37 Цуьнан уче †† арахьарчу керта

† *Iебархойн тептар тIехь тIетоьхна ду: *Цуьнан шоралла цхьана гIожан барамехь яра.**

арайолуш яра, шинна а агIор пенийн гIорто раш
яра, ткъа ламин бархI тIегIа а дара.

### Чоьхьарчу кертан кевнашна уллохь йолу чоьнаш

38 Цигахь цхьа чоь яра, кевнан пенийн
гIорторашна уллохула чувогIийла а йолуш. Иза
динан дайша дийнаташ дагоран сагIина лерина
долу хIума дуьлуш йолу меттиг яра. 39 Кевнан
ученна чохь шинна а агIор лаьтташ шишша стол
яра. Цу тIехь дийнаташ дагоран сагIина лерина
долчу а, къиношна тIера леринчу а, иштта гIуда
такхаран сагIина лерина долчу а дийнаташна урс
хьоккхура. 40 Ученан арахьахула, къилбаседехьара
долчу кевнна чуволучу меттехь лаьтташ шинна а
агIор шишша стол яра. 41 Йиъ стол кевнан
арахьарчу агIор яра, ткъа важа йиъ чоьхьарчу
агIор яра. Уьш ерриг а бархI стол яра, дийнаташ
дайа лерина йолу. 42 Дийнаташ дагоран сагIанашна
лерина йолу йиъ стол хьаькхначу тIулгах йина яра.
Цуьнан йохалла а, шоралла а цхьа дол ахдол яра,
ткъа лакхалла цхьа дол яра. Цу тIехь динан дайша
дийнаташ дагоран сагIа а, кхидолу сагIанаш а
дохучу хенахь шайна оьшуш болу гIирс
охьабуьллура. 43 Гобаьккхина пенех дIатоьхна
куьйггал долу мIерий дара, ткъа стоьлаш тIе сагIа
доккхучу хенахь даьккхина долу жижиг дуьллура.
44 Чоьхьарчу кевнан арахьахула йина
илланчашна лерина ши чоь яра. Цхьаъ къилбехьа
йирзина яра, ткъа важа, къилбехьарчу кевнна
агIонгахь ерг, къилбаседехьа йирзина яра. 45 Цу
стага соьга элира: «Къилбехьа йолу чоь Делан
цIенна ха деш болчу динан дайшна лерина ю.
46 Къилбаседехьа йирзина йолу чоь сагIа доккхучу
кхерчана ха деш болчу динан дайшна лерина ю.
Уьш берриш а ЦIадукъин тIаьхьенах бу. Левихойн
тайпанах болчарна юкъара церан бен бакъо яц
Везачу Элана уллобаха, Цунна хьалха гIуллакх
дархьама».

### Чоьхьара керт а, Делан цIа а

47 Цо чоьхьара керт юьстира. Иза бIе дол йохалла
а, бIе дол шоралла а яра, еакIов а йолуш. Делан
цIенна хьалха лаьтташ *сагIа доккху кхерч* а бара.
48 Цо со Делан цIийнан уче йолчу схьавалийра.
ТIаккха цо массо а пенан гIортор юьстира, уьш
хIорра а пхиппа дол яра. Ков дейтта дол шуьйра
дара †, ткъа пенан шоралла кхо дол яра. 49 Делан
цIийнан ученан шоралла ткъа дол яра, ткъа
йохалла шийтта дол яра. Цунна тIебоьдучу ламин
итт тIегIа дара, хIора шина пенан гIорторна уллохь
цхьацца бIогIам а бара лаьтташ.

41 Цул тIаьхьа цо, со Делан цIийнан езачу
чоьнна чу а валийна, пенан гIортораш
юьстира. Церан хIора а агIонан шоралла ялх-ялх
даларан барам хилира – иштта яра хIора пенийн
гIорторийн шоралла ††. 2 Чуволу меттиг итт *дол*
шуьйра яра, цуьнан шина агIонгахь йолу пенийн
гIортораш пхиппа дол яра. Еза чоь йохалла
шовзткъа дол яра, ткъа шоралла – ткъа дол яра.
3 ТIаккха, чухуларчу чоьнна чу а ваьлла,
чуволучун пенийн гIортораш юьстира цо. Церан
хIораннан а шоралла ши дол яра. Чуволучун
шоралла ялх дол яра, ткъа цуьнан шина агIонгахь
йолу пенийн гIортораш ворхI-ворхI дол яра ‡. 4 Цул
тIаьхьа цо ерриг а чоь юьстира. Иза йохалла ткъа
дол яра, оццул шуьйра а яра. Цу стага соьга элира:
«ХIара меттиг уггар еза чоь ю».

### Делан цIийнан агIонгахь йолу чоьнаш

5 Цо Делан цIийнан пен буьстича, иза ялх дол
хилира, ткъа цу цIийнан агIонашкахь йолу чоьнаш
юьстича, церан шоралла диъ дол хилира. 6 Делан
цIенна тIехоьттина кхаа гIота тIехь агIонгара
чоьнаш ткъе итт-итт яра. Делан цIенна гонах долчу
оганна тIехь терхеш яра, агIонийн чоьнийн тIеш
царна тIедахкархьама, и тIеш Делан цIийнан
оганашна чу а ца диссош. 7 ХIора лакхарчу гIотан
агIор чоьнаш шорлуш яра, хIунда аьлча Делан
цIенна гонах долу ога лаха мел дели шорлуш дара.
Иштта, Делан цIийнан шоралла цхьана гIота тIера
вукху гIота тIе кхаччалц хийцалора. Лахарчу гIота
тIера лакхарчу гIота тIе юккъерачу гIота тIе а
волий, хьалавалалора. 8 Суна гира, дерриг а Делан
цIенна гонах хьалабоьттина бух бара. Иза
агIонашкахь йолчу чоьнашна лерина бара. Цуьнан
локхалла цхьана гIожан барамехь яра, ялх дол а
йолуш. 9 ЦIийнан агIонашкара йолчу чоьнийн
пенаш пхи дол шуьйра дара. Цу чоьнашна а,
10 Делан цIенна гонах йолчу чоьнашна а юкъахь
ткъа дол хиллал меттиг яра. 11 АгIонгарчу
чоьнашна чуволу меттигаш яьссачу меттигна
тIейоьдура. Чуволу цхьа меттиг къилбаседехьа яра,
важа – къилбехьа яра. Пхеа даларна агIорчу
чоьнийн бух яьссачу меттигна чубогIура, дерриг а
Делан цIенна гонах.
12 Малхбузехьа йолчу Делан цIийнан майданна
хьалха лаьтташ йолу гIишло кхузткъе итт дол
шуьйра яра. Цу гIишлон пенан шоралла пхи дол
яра, ткъа цуьнан йохалла дезткъе итт дол яра.

### Делан цIийнан барамаш

13 Цул тIаьхьа цо *Делан цIа* дуьстича, иза дохалла
бIе дол дара, ткъа шена тIехь и гIишло лаьтташ
йолу малхбузера майда юьстича, цуьнан йохалла а
бIе дол яра. 14 Делан цIенна хьалха малхбалера
майда юьстича, иза а шоралла бIе дол яра. 15 Делан

*†† Уче *– иштта ду грекийн гочдар тIехь. Делахь а, Iебархойн тептар тIехь иштта ду: *гIорторан пен.**
*† Ков дейтта дол шуьйра дара *– иштта ду ширачу грекийн гочдар тIехь, амма Iебархойн тептар тIехь и дешнаш дац.**
*†† Иштта яра хIора гIорторан пенан шоралла *– иштта дIаяздина ду ширачу грекийн гочдар тIехь. Iебархойн тептар тIехь иштта дIаяздина ду: *четаран шоралла.**
*‡ Ширачу грекийн гочдар тIехь: *цуьнан шина агIонгахь долу гIорторан пенаш ворхI-ворхI дол дара. *Iебархойн тептар тIехь: *чуволучун шоралла ворхI дол яра.**

цIенна тIехьа йолчу майданна дуьхьал лаьтташ
йолчу гIишлойн йохалла, цуьнан шина а агIонгахь
йолчу чоьнашца цхьаьна, юьстира цо. Иза а бIе
дол хилира.
Делан цIийнан йоккха чоь а, чухулара чоь а, уче
а, 16 неIсагIанаш а, дIакъевлина кораш а, кхаа гIота
тIехь агIонашкара чоьнаш а – неIсагIина дуьхьал
мел йолу хIума дечиган турсашца кхелина яра. И
турсаш дара лаьтта тIера корашна тIе кхаччалц.
Кораш а дIакъевлина дара дечигаца. 17 Иштта,
чухуларчу чоьнна чуволу меттигна тIехула а
дечиган турсаш дара. Гобаькккхина массо а пенаш
тIехь, чохь а, арахь а, билгалъяьхначу
меттигашкахь, 18 каруб-маликийн а, хурма-диттийн
а суьрташ дара дехкина. ХIора хурма-дитт шина
каруб-маликана юккъехь дара, хIора каруб-
маликан шишша юьхь яра. 19 Цхьана агIонгара
хурма-диттана тIе йирзина адаман юьхь яра, ткъа
вукху агIонгара – лоьман юьхь яра. И тайпа
суьрташ Делан цIийнахь массанхьа а дехкина дара.
20 Лаьттара дуьйна чуволучунна тIехула йолчу
меттигна тIе кхаччалц *каруб-маликаш* а, хурма-
ditttаш а дара. Уьш иштта Делан цIийнан пенашна
тIехула дехкина а дара. 21 Делан цIийнан йоккхачу
чоьнна чуволучохь болу гур беакIов бара.
Уггар езачу чоьнна хьалха цхьа хIума яра
лаьтташ. ДIахьаьжча, 22 иза дечигах бинчу сагIа
доккхучу кхерчах тера яра. И кхерч кхо дол лекха а,
ши дол шуьйра а бара. Цуьнан маьIигаш а, бух а,
агIонаш а дечигах йина яра. Цу стага соьга элира:
«ХIара Везачу Элана хьалха лаьтташ йолу стол ю».
23 Делан цIийнан йоккхачу чоьнан а, уггар езачу
чоьнан а шишша неI яра. 24 И неIарш шишша
дакъа долуш яра, хIора дакъа меттахдаккха йиш
йолуш дара. Шиъ цхьана агIор, ткъа важа шиъ –
вукху агIор. 25 Делан цIийнан йоккхачу чоьнан
неIарш тIехь дехкина, пенаш тIехь дерш санна
долу, каруб-маликийн а, хурма-диттийн а суьрташ
дара. Ткъа ученна хьалха дечигах йина лаба яра.
26 ДIакъевлина кораш а, дехкина хурма-диттийн
суьрташ а дара шинна а агIор – ученан а,
агIонашкарчу чоьнийн а, лабанийн а агIонашкахь.

### Динан дайшна лерина йолу чоьнаш

42 Къилбаседехьарчу некъа тIехула арахьарчу
керта а ваьккхина, цу гIишлонна а, цунна
дуьхьал йолчу майданна а хьалха къилбаседехьа
йолчу чоьнашна тIе вигира цо со. 2 И чоьнаш
йохалла бIе *дол* яра, ткъа шоралла шовзткъе итт
дол яра, къилбаседехьа чуволу меттиг а йолуш.
3 Чоьхьарчу кертан ткъа дол шораллехь долчу
меттигна хьалха а, арахьарчу кертан цIенкъанна
хьалха а лаьтташ яра и чоьнаш. Чоьнийн цхьа
могIа вукху могIанна дуьхьал бара, кхоккха гIотахь
а болуш. 4 Цу чоьнашна хьалха цхьа чекхволийла
яра итт дол шуьйра а йолуш, бIе † дол еха а йолуш.
Цу чоьнан неIарш къилбаседехьа йирзина яра.
5 Лакха тIера чоьнаш готта яра, хIунда аьлча
ученаша дIалаьцна йолу меттиг йоккхаха яра,
юккъерачу а, лахарчу а чоьнех цара дIалаьцначул
а. 6 Чоьнаш кхаа гIотехь лаьтташ яра. Керташкахь
санна, царна хIиттийна бIогIамаш дацара. Цундела
лакхара чоьнаш готто яра юккъерачу а, лахарчу а
могIанашкахь йолчу чоьнел. 7 Арахьара цхьа пен
цу чоьнашца нийсса бина а, арахьарчу керта тIе
кхочуш а бара. И пен шовзткъе итт дол беха бара.
8 Арахьарчу кертара чоьнийн могIаран йохалла
шовзткъе итт дол яра, ткъа Делан цIенна дуьхьал
болу чоьнийн могIа бIе дол бара. 9 Лаха чохь цу
чоьнашна чувоьду неI яра. Арахьарчу кертахула
чувогIуш хилча малхбалехьара чувогIийла дара.
10 Кертарчу пенан шораллехь, къилбехьа ††,
майданна дуьхьал а, йоккхачу гIишлонна дуьхьал а
яра чоьнаш. 11 Царна хьалха а чекхволийла яра.
Уьш къилбаседехьа йирзина йолу важа чоьнаш
санна яра, церан санна йохалла а, иштта шоралла
а йолуш. Къилбаседехьа йолчу чоьнийн
чувогIийла а, куц а, неIарш а 12 къилбехьа йолчу
чоьнийн санна яра. Чекхволийла дIайолалучу
меттехь чувоьдийла яра. Малхбалерчу лардаран
пенехула чуван йиш яра.
13 Цо соьга элира: «Майданна хьалхара
къилбаседехьара а, къилбехьара а чоьнаш еза ю.
Цу чохь Везачу Элана сагIанаш дохучу динан
дайша уггар деза сагIанаш доу. Цу чу цара уггар
деза сагIанаш – кIен сагIа а, къинан сагIа а, гIуда
такхаран сагIа а – хIиттор ду, иза еза меттиг йолу
дела. 14 Динан дай цу чу бахча, церан арахьарчу
керта бовла йиш яц, шайна тIера Далла гIуллакх
дечу хенахь лелош йолу бедарш охьаяхккалц,
хIунда аьлча и бедарш а еза ю. Цара шайна тIе
кхин бедарш юха еза, ткъа цул тIаьхьа бен халкъ
долчу арабовла йиш яц церан».

### Делан цIийнан кертан барам

15 Ша Делан цIийнан керташкара чоьхьара
юьстина ваьлча, цо со малхбалехьа лаьттачу
кевнехула аравалийра, цул тIаьхьа иза Делан
цIийнан кертал арахьара меттиг юста волавелира.
16 Малхбалехьа йолу агIо цо шен гIожаца юьстира.
И агIо пхи бIе дол хилира. 17 Цо иштта
къилбаседехьа йолу меттиг а юьстира, иза а пхи
бIе дол хилира. 18 Къилбехьара агIо юьстича, иза а
пхи бIе дол хилира. 19 Малхбузерчу агIонга а
вахана, иза а цо юьстича, иза а пхи бIе дол хилира.
20 Иштта Делан цIийнан керташна гонах болу пен
цо еа а агIонгара буьстинера. И пен бохалла а пхи
бIе дол бара, иштта пхи бIе дол шоралла а бара
иза. Цу пено еза меттиг еза йоцучу меттигах
дIакъастайора.

† *Ширачу грекийн гочдар тIехь: *бIе дол. *Iебархойн тептар тIехь: *цхьа дол.**

†† *Грекийн гочдар тIехь: *къилбехьа. *Iебархойн тептар тIехь: *малхбалехьа.**

### Делан цIа чу Везачу Элан сийлалла схьаяр

43 Цу стага со малхбалехьа дIадерзийна
лаьтташ долчу кевнна тIе вигира. 2 †ТIаккха
малхбалехьара схьайогIуш Исраилан халкъан
Делан сийлалла гира суна. Цуьнан аз, хIордан
гIовгIа санна, чIогIа дара, Цуьнан сийлаллин
нуьрах латта серладаьллера. 3 Суна хIоьттина долу
сурт, хьалха, Дела Ярушалайм хIаллакьярхьама
веанчу хенахь Суна хIоьттинчу суьртах тера дара,
иштта Кабар-хина уллохь Суна хIоьттинчу суьртех
тера а дара. ТIаккха со бертал вуьйжира. 4 Везачу
Элан сийлалла малхбалехьа дIадерзийна лаьттачу
кевнехула *Делан цIа* чу делира.
5 ТIаккха со, Сино хьала а айина, чоьхьарчу керта
ваьккхира. Суна гира, Везачу Элан сийлалло
дерриг а Делан цIа хьаладуьзна хилар. 6 Стаг суна
уллохь лаьтташ волчу хенахь, Делан цIа чуьра суна
цхьаъ сайга вистхуьлуш хезира. 7 Оцу озо соьга
элира: «Адаман кIант! ХIара меттиг Сан Iаршан
меттиг а, иштта Сан когийн кIело лаьтта меттиг а ю.
Со Сайн Исраилан халкъана юкъахь массо а ханна
вехар волу меттиг ю хIара. Исраилан халкъо – я
наха а, я церан паччахьаша а – кхин цкъа а Сан еза
цIе бехйийр яц, Суна тешаме а доцуш, кхечу
деланашна Iамал ярца а, шайн сагIа доккхучу
гунашна тIехь шайн паччахьийн декъий
дIадохкарца а ††. 8 Цара шайн неIсагIа Сан
неIсагIина улло хIиттадора, иштта шайн неIарш
Сан неIаршна улло хIиттайора. Тхуна юкъахь цхьа
пен бен боццушехь, цара Сан еза цIе сийсазйохура
шаьш лелочу вочу хIуманашца. Цундела Сайн
оьгIазвахарца дIакхаьллира Аса уьш. 9 ХIинца цара
Суна уллора дIадаккха деза, Суна тешаме а боцуш,
шаьш кхечу деланашна Iамал яр а, шайн
паччахьийн декъий а, тIаккха Со царна юкъахь
массо а хенахь вехар ву.
10 Ткъа хIинца ахьа, адаман кIант, Исраилан
халкъе дIадийца хIокху Делан цIийнах лаьцна,
шаьш лелийначу харцонашна уьш юьхьIаьржачу а
хIиттийна, цаьрга кхунна тIера бустамаш
дахийтархьама. 11 Царна шаьш лелийнарг бахьана
долуш эхь хетахь, дIагайта царна Делан цIа, хIара
муха дина ду а, кхуьнан чуволу а, араволу а
меттигаш а дIагайта царна. ХIара муха дина ду а,
кхуьнан массо а парзаш а, кхуьнан куц а, кхунна
лелаш болу товрат-хьехамаш а дIабийца царна.
Церан дуьхьа дерриг а дIаязде, цаьрга цуьнан
массо а куц лардайтархьама а, цуьнан массо а
парзаш кхочушдайтархьама а. 12 ХIара бу Делан
цIийнан товрат-хьехам: ломан боххьера цунна
гонах мел дерг а – уггаре дезаниг ду. Иштта бу
Делан цIийнан товрат-хьехам!»

† 43:2 Яхьазкхиал 10:3, 4, 18, 19; 11:22, 23; Довзийтинарг 1:15. †† Шайн паччахьийн декъий дIадохкарца а *– я иштта: *шайн беллачу паччахьашна зиярташ дарца а.*

### СагIа доккху кхерч

13 ‡ХIорш бу сагIа доккхучу кхерчан барамаш, цхьа
шира доллий, цхьа шей цхьана даларан барам
лерича. Кхерчана гонах саьнгар цхьа дол кIорга
яра, шоралла а цхьа дол яра. Саьнгарна арахула
хIоз бара, лакхалла цхьа ше а йолуш. Иштта бара
сагIа доккхучу кхерчан бух. 14 Лаьтта тIехь болчу
саьнгаран буха тIера дуьйна лахарчу кхерчан
хIазарна тIе кхаччалц йолу юкъ ши дол яра. Оцу
хIазаран шоралла цхьа дол яра. Лахарчу хIазарна
тIера кхерчан лакхарчу хIазарна тIе кхаччалц йолу
юкъ йиъ дол яра, ткъа оцу хIазаран шоралла а
цхьа дол яра. 15 *СагIа доккхучу кхерчан* юкъ ша
диъ дол лекха яра, цу чуьра хьалайолуш йиъ маIа
яра. 16 СагIа доккхучу кхерчан юкъ шийтта дол еха
а, шийтта дол шуьйра а яра – иза ша еакIов яра.
17 Кхерч тIехь лаьттачу меттиган йохалла дейтта
дол яра, иштта цуьнан шоралла а дейтта дол яра.
Ткъа цунна гонах хIоз бара, ахдол лекха а болуш,
ткъа хIазарна гонах йолу саьнгар цхьа дол шуьйра
яра. Цу кхерчана тIе боьду лами малхбалехьарчу
агIор бара.
18 ‡‡Цу стага соьга элира: «Адаман кIант! Иштта
боху Хьалдолчу Эло: „Иштта ду дийнаташ дагоран
сагIа даккхарна а, цунна тIе цIийн цинцаш тохарна
а лерина долу сагIа доккхучу кхерчана а лерина
долу парзаш, иза бина баьлча. 19 Ткъа ахьа, – боху
Хьалдолчу Эло, – Суна гIуллакх а деш, Суна
тIегIерташ болчу, ЦIадукъин тIаьхьенах болчу,
иштта левихойн тайпанах болчу динан дайшна
къиношна тIера сагIа даккха цхьа сту дIало.
20 Цунах схьадаьллачу цIийх цхьажимма сагIа
доккхучу кхерчан еа маIана тIе а, иштта цуьнан беа
соне а, цунна гонах болчу хIазарна тIе а хьакха.
Иштта, цIан а бай, базбе иза. 21 Къинойх долчу
сагIина лерина старгIа схьа а эций, ягае иза ха
долчу меттигехь, Делан цIенна арахь. 22 ШолгIачу
дийнахь, тIехь цхьа а сакхт доцу бож гезаршна
юкъара схьа а эций, къинойх долу сагIа даккха
цунах хьалха санна, сагIа доккху кхерч цIанбе,
стараца ма-цIанбарра. 23 Хьо и хIума дина ваьлча,
бежана юкъара цхьа а тIехь сакхт доцу старгIа а,
иштта жена юкъара тIехь сакхт доцу уьстагI а
схьабалабе. 24 И дийнаташ Везачу Элана хьалха
дIахIиттаде. Динан дайша, царна тIе туьха а тесна,
царах Везачу Элана дийнаташ дагоран сагIа
доккхур ду. 25 ВорхI дийнахь къинойх долу сагIа
даккха цхьацца бож ялае. Иштта бежана юкъара
тIехь сакхт доцу цхьацца старгIа а, иштта жена
юкъара цхьа а сакхт тIехь доцу уьстагI а балабе.
26 ВорхI дийнахь цара сагIа доккху кхерч оцу
тайпана цIанбан беза, иза баз а беш. 27 И денош
чекхдевллачул тIаьхьа, борхIалгIачу дийнахь,
иштта кхин а тIаьхьарчу деношкахь а динан дайша
цу сагIа доккхучу кхерчана тIехь дийнаташ дагоран

‡ 43:13-17 Арадаккхар 27:1, 2; 2 Шерашкахь 4:1. ‡‡ 43:18-27 Арадаккхар 29:35-37.

а, бертан а сагІанаш а дохур ду шуна тІера. Ткъа Со
шуна реза хир ву“». Иштта боху Хьалдолчу Эло.

### Малхбалерчу кевнехь дан тІедиллинарг

44 Цо со юха а езачу меттиган малхбалехьа
дІадерзийна динчу арахьарчу кевне
схьавалийра. И ков дІакъевлина дара. [2] Везачу Эло
соьга элира: «ХІара ков дІакъевлина хир ду, иза
дІадоьллур дац, кху чухула цхьа а стаг чекх а вер
вац, хІунда аьлча хІокху кевнехула Исраилан
халкъан Дела волу Веза Эла кху чу веана. [3] Ткъа
элах лаьцна аьлча, цо, ша эла хиларе терра, цу
кевнна хьалха охьа а хууш, Цунна хьалха бепиг
дуур ду. Иза цу кевнан ученна чухула чу а вогІур ву,
цигахула ара а вер ву».

### Делан цІийнан керташкахь гІуллакх дарна тІедиллинарг

[4] Цул тІаьхьа цо со къилбаседехьа долчу
кевнехула Делан цІенна хьалха схьавалийра. Со
дІахьаьжча, *Делан цІа* хьаладуьзна долу Везачу
Элан сийлалла гира суна. ТІаккха со бертал
вуьйжира. [5] Везачу Эло соьга элира: «Адаман кІант!
Хьайн дог тІе а дерзадай, хьайн бІаьргашца хьажа
а хьажа, хьайн лергашца ла а догІа Ас Делан
цІийнан керташна лерина мел долчу парзех а,
товрат-хьехамех а лаьцна хьайга бохучуьнга.
Дикка хьажа Делан цІенна чуволийле а, иштта
езачу меттиган араволийлашка а.
[6] ДІаала аьрхачу Исраилан халкъе: „Иштта боху
Хьалдолчу Эло: ‘Тоьар ду хьуна, Исраилан халкъ,
айхьа схьалаьцна болу дегаза некъ лело. [7] Аша Сан
цІийнан керта чу хийрачу къаьмнех болу нах
балийра. Иштта сунтбаза а, дегнаш хедоза а болчу
аьрхачу наха а, Сан цІенна улло а кхаьчна, иза
бехдина, Суна тІе сагІанийн мохь а, цІий а деача.
Шаьш мел динчу дегазчу гІуллакхашца Соьца бина
болу барт бохийра аша. [8] Аша Сан деза парзаш лар
ца дора, шайн метта Сан цІа лардан уьш дІа а
хІиттабеш’.
[9] Хьалдолчу Эло боху: ‘Цхьа а сунтваза волу а, дог
хедоза аьрха волу а хийра стаг Сан цІа чу ван ца
веза, иза Исраилан халкъана юкъахь вехаш велахь
а.
[10] Ткъа левихойх лаьцна аьлча, Исраилан халкъ
туьлучу хенахь уьш а, Суна уллора дІа а бевлла,
шайн цІушна тІаьхьа а хІуьттуш, тилабелира.
Шаьш лелийнарг бахьана долуш царна таІзар дийр
ду. [11] Левихой Сан цІийнан кертахь хир бу езачу
меттиган кевнаш лардархьама а, кертахь гІуллакх
дархьама а. Цара дийнаташ дагоран сагІанашна а,
кхидолчу сагІанашна а лерина долу дийнаташ
дойур ду адамашна. Цара адамашна гІо а дийр ду,
царна гІуллакх а дийр ду. [12] Амма шайн цІушна
хьалха адамашна гІуллакх дарехула левихоша
Исраилан халкъ гал а далийтира, цуьнга къинош а
летадайтира. Цундела Аса хьалаайинчу куьйгаца
чІагІо йира, – боху Хьалдолчу Эло, – шаьш
лелийнарг бахьана долуш царна таІзар дийр ду
аьлла. [13] Динан дай санна Суна гІуллакх дан уьш
Суна улло богІур бац, иштта тІекхевдар бац еза мел
йолчу хІуманашна – уггар дезачу сагІанашна.
Шаьш мел лелийна долу боьха хІума бахьана
долуш юьхьІаьржачу хІиттина лелар бу уьш. [14] Ас
уьш хІиттор бу Делан цІа лардан а, цІийнан
керташкахь дан дезаш мел долу хІума дан а.
[15] Ткъа левихойн тайпанах долчу ЦІадукъйин
гаранах болу динан дай, Исраилан халкъ Сох
дІадирзинчу хенахь Сан еза меттиг ларъеш болу,
Суна улло кхача безаш бу, Суна хьалха гІуллакх
дархьама. Уьш Суна хьалха лаьтташ хир бу, Суна
сагІанийн мохь а, цІий а доккхуш’. Иштта боху
Хьалдолчу Эло. [16] ‘Уьш бен чубогІур бац Сан езачу
меттиге, Сан шуьнна улло а богІур бу, Суна гІуллакх
дархьама а, ха дархьама а. [17] †Чоьхьарчу кертан
кевнна чу баьхкича, цара шайна тІе дуткъачу
кІадих йина хІуманаш юхур ю, ткъа чоьхьарчу
кертан кевнна уллохь а, иштта Делан цІа чохь а
гІуллакх дечу хенахь царна тІехь тІергІан хІума
хила йиш яц. [18] Церан коьртахь дуткъачу кІадих
йина чалбанаш хила еза, иштта церан чухулара
хІуманаш а дуткъачу кІадих йина хила еза. Шайна
тІе хьацар долуьйту хІума юха ца еза цара.
[19] ††Адамаш долчу арахьарчу керта шаьш довла
дезачу хенахь, цара чохь гІуллакх дечу хенахь
шайна тІехь хуьлуш йолу бедарш дІа а яьхна, уьш
езачу чоьнаш чохь йита еза. Цул тІаьхьа цара
шайна тІе кхин хІума юха еза, шайн бедарех
хьакхабаларца адамашна тІе йозалла ца йоссийта
‡.
[20] ‡†Цара шайн кортош дІадаша ца деза, иштта
шайн коьртахь месаш яхъялийта а ца еза, амма
шайн месаш дІаларга еза цара. [21] ‡‡Шаьш
чоьхьарчу керта доьлхучу хенахь, цхьанна а динан
дас чагІар мала ца деза. [22] ‡‡†Цара я йисина йолу
зуда а, я марера цІа еана йолу зуда а шайна маре
яло ца еза. Амма Исраилан халкъах йолу йоІстаг я
динан дех йисинарг яло магош ду царна.
[23] ‡‡‡Цара Іамо деза Сан халкъана дезаниг деза
доцучух къасто а, иштта Суна хьалха *цІенаниг*
боьхачух схьакъасто а. [24] Дов даьллачу хенахь
динан дай цигахь кхелахой санна хила беза, ткъа
Сан нийсоне хьаьжжина кхел ян а еза цара.
Билгалдаьхначу динан массо а дезачу деношкахь
Сан товрат-хьехамаш а, парзаш а лардан деза
цара, иштта Суна леринчу шоьтан денойн дозалла
а лардан деза цара.
[25] §Уьш беллачарах дІахьакхабала ца беза, шаьш
Суна хьалха боьха ца хилийтархьама. Царна
юкъахь да я нана, кІант я йоІ, иштта ваша я маре
яхаза йолу йиша елахь, царах дІахьакхавала мегаш

† *44:17, 18 Арадаккхар 28:39-43; Іамалъяр 16:4.* †† *44:19 Іамалъяр 16:23.* ‡ *Адам езачу хІуманех хьакхалахь, цунна зе дийр дара.** ‡† *44:20 Іамалъяр 21:5.* ‡‡ *44:21 Іамалъяр 10:9.* ‡‡† *44:22 Іамалъяр 21:7, 13, 14.* ‡‡‡ *44:23 Іамалъяр 10:10.* § *44:25 Іамалъяр 21:1-4.*

ду. 26 Динан да Далла хьалха цIанвинчул тIаьхьа, цо
кхин а ворхI дийнахь собар дан деза. 27 Делан
цIийнан чоьхьарчу кертахь гIуллакх дан ша кхин а
цига ваханчу дийнахь шена тIера цо къинан сагIа
даккха деза’. Иштта боху Хьалдолчу Эло.
28 [†]Левихошна шерет дийр ду: Со церан шерет
хир ду. Исраил-махкахь церан лаьттан дакъа хир
дац, церан долахь Со хир волу дела. 29 [††]Царна даа
кIен сагIанаш а, иштта къинан сагIанаш а, гIуда
такхаран сагIанаш а лур ду. Исраил-махкахь Суна
лерина мел йолу хIума церан долахь хир ю.
30 Дуьххьара схьа мел гулдинчу ялтех тоьлла дакъа
а, массо а тайпана Суна лерина долу совгIаташ а
кхочу динан дайшна. Шайн ялтех даькккхинчу
дуьххьарлерчу бедах а тоьлла дакъа де динан
дайшна, шайн хIусамаш декъалйина
хилийтархьама. 31 [‡]Цхьа а тайпа къеелла хIума а,
акхароша йийначу хIуманах я олхазарийн а, я
дийнатийн а жижиг даа йиш яц динан дайн’’».

## Везачу Элан деза дакъа

45 «Шаьш, кхаж а тесна, латта доькъучу хенахь,
лаьттан еза кIошт Везачу Элана совгIатна
дIакъастае. Иза йохалла ткъе пхиъ эзар *дол*, ткъа
шоралла ткъа эзар дол [‡†] хила еза. Цуьнан
гонахарчу дозанна чоьхьара дерриге а латта деза
хир ду. 2 Оцу лаьттах пхи бIе дол дохаллехь а,
иштта пхи бIе дол шораллехь а долу еакIов латта
шена тIехь *Делан цIа* долуш йолчу езачу меттигна
лерина хила деза, ткъа цунна гонах шовзткъе итт
дол шена тIехь хIумма а йоцуш йолу аре а хила еза.
3 Ткъа лаьттан езачу кIошта тIера ткъе пхиъ эзар
дол йохаллехьа а, итт эзар дол шораллехьа а латта
схьакъастаде. ТIехь Делан цIа долу уггар езачу
меттигна лерина хир ду иза. 4 И даздина латта хир
ду, Делан цIа чохь гIуллакх деш болчу а, Далла
гIуллакх дан Цунна тIе богIуш болчу а динан дайн.
Цу лаьтта тIехь цара шайна цIенош дийр ду, иштта
Делан цIенна лерина йолу еза меттиг а хир ю
цигахь. 5 Ткъе пхи эзар дол йохаллехь а, итт эзар
дол шораллехь а долу лаьттан дакъа Делан
цIийнан керташкахь болх беш болчу левихойн
долахь хир ду. Церан цигахь шаьш Iаш йолу
гIаланаш хир ю [‡‡].
6 ГIалин дола даккха пхи эзар дол шуьйра а, ткъе
пхи эзар дол деха а долу лаьттан дакъа. Иза
лаьттан езачу кIоштана дуьхьал хила деза. И латта
дерриг а Исраилан халкъан долахь хила деза.
7 Элана дIало лаьттан езачу кIоштана а, иштта
гIалин дола яькккхинчу меттигна а шинна а агIор
долу латта. И латта гIалин малхбузерчу дозанна
тIера малхбузехьа а, гIалин малхбалерчу дозанна
тIера малхбалехьа а дIасадаьржар ду. Элан лаьттан
дохалла малхбузерчу дозанна тIера малхбалерчу
дозанна тIекхаччалц Исраилан тайпанийн дакъойн
дохалле хьаьжжина хир ду. 8 И латта Исраил-
махкахь элан долахь дерг хир ду».

## Элах лаьцна дерг

«Сан халкъана кхин гIело йийр яц Сан элаша,
амма цара Исраилан халкъана пурба лур ду, шен
тайпанашка хьаьжжина, латта шайн дола даккха».
9 Иштта боху Хьалдолчу Эло: «Тоьар ду шуна,
Исраилан халкъан элий! Нахана ницкъ бар а,
царна гIело яр а сацаде. Цуьнан метта бакъдерг а,
нийсо а лелае. Сан халкъ шен лаьтта тIера
арадаккха ма гIерта». Иштта боху Хьалдолчу Эло.
10 [‡‡†]«Нийса хуьлийла шун терза а, шун *мазал* а,
шун черма а.
11 Екъа хIума узуш лелош болу мазал а, коча хIума
узуш лелош долу черма а цхьана барамехь хила
деза. Цхьа мазал хьумаран [‡‡‡] уьтталгIа дакъа хила
деза, ткъа цхьа черма а хьумаран уьтталгIа дакъа.
Церан барам хьумарца буста беза.
12 ХIора *шекхал* чохь ткъа гер [§] хуьлу, ткъа цхьана
мин [§†] чохь ткъа, ткъе пхиъ, пхийтта шекхал хуьлу.
13 ХIара ял ю аша шайн элана яла езаш: хIора кIен
я мекхан хьумар тIера мазалан йолхалгIа дакъа.
14 Зайтдаьттанна тIера дIаяла езаш йолу ял,
черманца узуш йолу: хIора зайтдаьттан хьумар
тIера черманан уьтталгIа дакъа (итт черма цхьа
хьумар ду). 15 Исраил-мехкан дикачу дежийлашна
тIехь долчу даьхнина тIера дIаяла езаш йолу ял
иштта ю: хIора ши бIе уьстагIна юкъара цхьацца
уьстагI. И массо а ял кIен сагIанашна а, дийнаташ
дагоран сагIанашна а, бертан сагIанашна а лерина
ю, адамашна тIера къинош дIадахархьама». Иштта
боху Везачу Эло.
16 «Махкахь Iаш волу хIора стаг декхарийлахь ву
Исраил-мехкан элана луш йолчу оцу йолана
дакъалаца. 17 Ткъа эла декхарийлахь ву дезачу
деношкахь а, бутт цIинлучу хенахь а, шоьтан
деношкахь а – Исраилан халкъан динан массо а
дезачу деношкахь – дохуш долчу дийнаташ
дагоран а, кIен а, чагIаран а сагIанашна хIуманаш
а, даьхни а дIадала. Цо даьхни а, хIуманаш а лур ю
къинойх долчу а, кIен а, дийнаташ дагоран а,
бертан а сагIанашна, Исраилан халкъана тIера
къинош дIадахийтархьама».

## Деза денош

(Арадаккхар 12:1-20; Iамалъяр 23:33-43)

18 Иштта боху Хьалдолчу Эло: «Шеран хьалхарчу
беттан хьалхарчу дийнахь бежана юкъара тIехь
сакхт доцу старгIа схьаэцца, Делан цIийнан керт
цIанъярхьама. 19 Динан дас оцу къиношна тIерачу
сагIанах схьадаьлла цIий схьа а эцна, иза Делан

† *44:28 Лелар 18:20.* †† *44:29, 30 Лелар 18:8-19.* ‡ *44:31 Iамалъяр 22:8.* ‡† *Грекийн гочдар тIехь: *ткъа эзар дол. *Iебархойн тептар тIехь: *итт эзар дол.** ‡‡ *Иштта ду грекийн гочдар тIехь. Iебархойн тептар тIехь иштта дIаяздина ду: *Церан долахь ткъа чоь хир ю.**

‡‡† *45:10 Iамалъяр 19:36.* ‡‡‡ *Хьумар *– цхьа хьумар ши бIе ткъа литр озаран барам бу.** § *Гер *– цхьа гер 0.6 грамм озаран барам бу.** §† *Мин *– цхьа мин 500 грамм озаран барам бу.**

цIийнан неIсагIанашна а, иштта сагIа доккхучу
кхерчан лакхарчу хIазаран еа маьIигна а,
чоьхьарчу кертан кевнан неIсагIина а тIетоха деза.
20 Изза де беттан ворхIалгIачу дийнахь хIора
ларамаза я кхетам ца хиларца къа латийначу
стеган дуьхьа. Иштта цIандан деза аша Делан цIа.
21 †Хьалхарчу беттан дейтталгIачу дийнахь аша „
*Пасахь*“ олу дезде даздан деза. И дезде ворхI
дийнахь даздеш ду, совсазчу бедах дина бепиг а
дууш. 22 Хьалхарчу дийнахь эло сту бахьар бу, шен
цIарах а, иштта дерриг а Исраилан халкъан цIарах
а къинан сагIина лерина. 23 Цу ворхI дийнахь
Везачу Элана доккхуш долчу дийнаташ дагоран
сагIина цо хIора дийнахь тIехь цхьа а сакхт доцу
ворхI-ворхI старгIа а, ворхI-ворхI уьстагI а дIабала
беза, иштта къинойх доккхуш долчу сагIина хIора
дийнахь гезаршна юкъара цхьацца бож а дIаяла
еза. 24 Эло хIора стараца а, иштта хIора уьстагIца а
кIен сагIина цхьацца мазал кIа дан деза. Цо иштта
хIора ша деанчу кIен мазалца цхьацца хIин ††
зайтдаьтта а дан деза.
25 ‡ВорхIалгIачу беттан пхуьйтталгIачу дийнахь,
дезде даздечу хенахь, тIекIел ворхI дийнахь цо
изза хIуманаш дIаяла еза къинойх сагIанашна а,
дийнаташ дагоран сагIанашна а, кIен сагIанашна а
лерина. Цо иштта оццу барамехь зайтдаьтта а
схьадан деза».

46 Хьалдолчу Эло иштта боху: «Чоьхьарчу
кертан малхбалехьа долу ков болх бечу ялх
дийнахь дIакъевлина хила деза, амма шоьтан
дийнахь иза, бутт цIинлучу дийнахь санна,
дIадиллина хила деза. 2 Эла, арахьарчу кертахула
чухуларчу кевнан ученна чу а веана, оцу кевнан
неIарна улло дIахIуттур ву, ткъа динан дайша элан
дийнаташ дагоран а, бертан а сагIанаш дохур ду.
Эла, кевнан неI йолчохь Везачу Элана охьа а
таьIна, аравер ву, ткъа ков сарралц схьадиллина
хила деза. 3 Шоьтан деношкахь а, иштта бутт
цIинлучу хенахь а кху мехкан халкъ хIокху кевнна
уллохь Везачу Элана суждане гIур ду. 4 Шоьтан
дийнахь ша Везачу Элана лерина доккхуьйтуш
долчу дийнаташ дагоран сагIина эло бан беза
шайна тIехь сакхт доцу ялх Iахар а, цхьа уьстагI а.
5 Иштта хIора уьстагIца кIен сагIина цхьацца *мазал*
кIа а дан деза, ткъа хIора Iахарца кхин а шен дан
йиш йолччул кIа а дан деза, цу тIе хIора мазал
кIеца цхьа *хIин* зайтдаьтта а дан деза. 6 Бутт
цIинлучу хьалхарчу дийнахь цо тIехь цхьа а сакхт
доцу старгIа а, иштта тIехь сакхт доцу ялх Iахар а
бан беза. 7 Цо старгIица а, уьстагIца а цхьаьна цхьа
мазал кIа дала деза кIен сагIина лерина. Iахаршца
шен дала таро йолччул кIа а дала деза цо, кхин а
хIора кIен мазалца цхьа *хIин* зайтдаьтта а дала
деза. 8 Ша кхуза вогIучу хенахь, иза кевнан ученна
чухула чувала а веза, цигахула аравала а веза.

9 Динан дезачу деношкахь, адам Везачу Элана
хьалха дIахIуттучу хенахь, къилбаседехьа долчу
арахьарчу кевнехула чуваьлларг, къилбехьа долчу
арахьарчу кевнехула аравала веза. Ткъа къилбехьа
долчу кевнехула чувеанарг, къилбаседехьа долчу
кевнехула аравала а веза; хIорра а стаг ша
чувеанчу меттехула аравала ца веза, амма цунна
дуьхьал долчу кевнехула аравала веза. 10 Эла а
царна юкъахь хила веза – уьш чубогIучу хенахь
чуван веза, уьш арабовлучу хенахь аравала а веза.
11 Билгалдаьхначу дезачу деношкахь а, динан
дезачу деношкахь а цуьнгара хIора стараца а,
хIора уьстагIца а цхьацца мазал кIа дан деза, ткъа
Iахаршна тIера шен дог реза доллучул кIа дала
деза цо. ХIора мазал кIа дахьаш, цуьнца цхьа *хIин*
зайтдаьтта дан а деза.
12 Элана шен лаамца Везачу Элана сагIа
даккхийта лиъча, – дийнаташ дагоран я бертан
сагIа иза делахь а, – цунна малхбалехьа долу ков
схьаделла деза. ТIаккха цо, шена даккхийта лиъна
долу сагIа, шоьтан дийнахь санна доккхуьйтур ду.
Иза араваьллачул тIаьхьа цунна тIаьхьа ков
дIакъовлур ду.
13 ХIора дийнахь Везачу Элана лерина долчу
дийнаташ дагоран сагIина хIора Iуьйранна шо
кхаьчна болу тIехь сакхт доцу цхьацца Iахар бан
беза ахьа. 14 Цуьнца цхьаьна хIора Iуьйранна
цхьацца сахь кIа а, иштта *хIинан* кхоалгIа дакъа
зайтдаьтта а дан деза, цуьнца дама хьакхорхьама.
Иштта ду кIен сагIанах лаьцна массо а ханна
тIедиллинарг. 15 Цара иштта массо а ханна хIора
Iуьйранна дийнаташ дагоран сагIа санна цхьацца
Iахар а, кIен сагIа а, зайтдаьтта а дахьар ду».
16 Иштта боху Хьалдолчу Эло: «Нагахь санна эло
шен кIентех цхьанна шен долахь долчу лаьттах
цхьа дакъа совгIатна дахь, иза цу кIентан
тIаьхьенна кхочур ду. Иза церан долахь, доьзалан
дакъа санна, хир ду. 17 ‡†Нагахь эло шен долахь
долчу лаьттах шен ялхойх цхьанна совгIат дахь, и
латта ялхочун долахь хир ду ПаргIатдаккхаран шо
тIекхаччалц, цул тIаьхьа лаьттан и дакъа элан дола
дер ду. Цуьнан кIенташна бен ца кхочу шен лаьттах
цо дина долу совгIат. 18 Элан бакъо яц нахера латта
схьадаккха а, уьш цу лаьтта тIера дIалахка а. Шен
долахь долу латта бен дала йиш яц цуьнан шен
кIенташна совгIатна, хIунда аьлча Сан халкъах
волу цхьа а стаг шен долахь долчу лаьтта тIера
дIалалла бакъо яц цхьаннан а».

### Делан цIа чуьра яа хIума кечъеш йолу чоьнаш

19 ТIаккха цу стага со кевнна агIонгахь чуволийла
йолчу меттехула динан дайн къилбаседехьа
дIаерзийна лаьттачу езачу чоьнаш чу вигира.
Цигахь малхбузехьарчу агIор йистехь йолу цхьа
меттиг гира суна. 20 Цо соьга элира: «Кхузахь динан
дайша гIуда такхаран а, къинан а сагIанашна
деанарг кхехкор ду, иштта кIен сагIина деанарг а

† *45:21 Арадаккхар 12:1-20; Лелар 28:16-25.* †† *ХIин *– цхьа хIин йиъ литр барамехь бара.** ‡ *45:25 Iамалъяр 23:33-36; Лелар 29:12-38.*

‡† *46:17 Iамалъяр 25:10.*

доттур ду, цаьрга арахьарчу керта иза ца
даккхийтархьама а, иштта халкъ даздина ца
хилийтархьама † а».
[21] Цо со, арахьарчу керта а ваьккхина, цуьнан еа а
маьIIе вигира. ХIора маьIIехь кхин а жима керт
яра. [22] ХIора маьIIерчу кертахь шовзткъа дол
йохалла а, ткъе итт дол шоралла а долуш рагIуш
дара. Уьш дерриш а цхьана барамехь дара. [23] Оцу
деа а рагIуна гонах дина пенаш дара, ткъа
пенашна уллохь гобаьккхина дина кхерчаш дара.
[24] Цо соьга элира: «Делан цIийнан кертахь гIуллакх
деш болчара чохь халкъо деана сагIанаш кхехко
деза чоьнаш ю хIорш».

### Делан цIенна бухара арадолу хи

47 ††Цул тIаьхьа цо со Делан цIенна чуволийла
йолчу улло юхавалийра. Цигахь суна гира
неIсагIина бухара арадолу хи. Иза малхбалехьа
дIадоьдуш дара, хIунда аьлча *Делан цIа*
малхбалехьа дIадирзина лаьтташ дара, ткъа хи
цуьнан аьтту агIор йолчу агIонна кIелара арадолуш
дара, сагIа доккхучу кхерчан къилбехьа йолчу
агIонгара. [2] Къилбаседехьа долчу кевнехула цо со
ара а ваьккхина, арахьарчу новкъахула
малхбалехьа дIадирзина долчу кевне валийра.
Ткъа цигахь Суна гира, къилбера меллаша
охьадогIу жима татол. [3] И стаг малхбалехьа
дIавоьдучу хенахь, цуьнан карахь юстаран тIийраг
яра. Цо цхьа эзар дол меттиг дIаюьстира, тIаккха со
цу хи чухула дIавигира. И хи сан хьакхолгана тIе
кхочура. [4] Кхин а цхьа эзар дол меттиг дIа а
юьстина, цул тIаьхьа цо со хи чухула дIавигира.
ХIинца и хи суна гоьллец дара. Кхин а цхьа эзар
дол меттиг дIа а юьстина, цул тIаьхьа цо со хи
чухула дIавигира. ХIинца и хи суна гIодаюккъе
кхочура. [5] Кхин а цхьа эзар дол дIаюьстира цо,
амма хIинца хин бухехула со хих чекх ца
ваккхалора, хIунда аьлча хи чIогIа лакхадаьллера.
Нека деш бен хи чухула дехьа ца валаваллал кIорга
дара и хи. [6] Цул тIаьхьа цу стага соьга элира:
«Къаьрзинчу бIаьргашца хьоьжуш ма вара хьо,
адаман кIант!» Иза а аьлла, цо со цу хин йисте
юхавалийра. [7] Со юхавеача, цу хин йистошкахь
шинна а агIор дукха а дитташ гира суна.
[8] Цо соьга элира: «ХIара хи малхбалехьарчу метте
дIадоьдуш ду, *Iариба-тогIи* чу а доьду, ткъа цул
тIаьхьа иза Дуьрачу хIордах дIакхетар ду. ТIаккха
оцу хIордан хи цIанлур ду. [9] И хи дIа мел кхеттачу
меттехь сийсаш йолу хIора са долу хIума дика ехар
ю. Цу хIорда чохь дуккха а чIерий а хир ду, хIунда
аьлча и хи, массанхьа а хIуманаш цIан а еш, царна
дахар а луш, цу хIордах дIакхетта. [10] Iейн-ГIадера
дуьйна Iейн-Iеглайме кхаччалц хин бердашкахь
чIерийлецархой лаьтташ хир бу. Цигахь а бойнаш
якъор ю. Вуно дукха тайп-тайпана чIерий хир ду
цигахь, Дуьненаюккъерчу хIордана чохь санна.
[11] Амма уьшалш а, чохь даьржина хи долу Iаьмнаш
а цкъа а цIанлур дац, уьш туьха даккхарна дуьтур
ду. [12] ‡Цу хин шинна а йистехула хьаладовлуш
шайна тIе стом латош долу тайп-тайпана дитташ
хир ду. Царна тIера гIаш цкъа а маргIал а доьр дац.
Царна тIера стом кхачалур бац, хIора баттахь
керланиг а латош, лаьттар бу, хIунда аьлча царна
тIекхочуш долу хи езачу меттигера схьадолуш ду.
Цу дитташна тIера стоьмаш кхачанна хир бу, ткъа
гIаш дарбанна лелор ду».

### Лаьттан дозанах лаьцна

[13] Иштта боху Хьалдолчу Эло: «ХIорш ду аша
Исраилан халкъан шийтта тайпанна *шерет* санна
лун долчу лаьттан дозанаш (ткъа Юсупна ши дакъа
кхочур ду). [14] Хьалаайинчу куьйгаца Аса шун
дайшна чIагIо ярца лур ду аьлла и латта шайна
юкъахь цхьатеррачу дакъошкахь декъа деза аша.
ХIара латта хIинца шуна шерет санна кхочур ду.
[15] ХIара ду лаьттан доза: къилбаседехьа йолчу
йистехь иза Дуьненаюккъерчу хIордана тIера
дIадолало, тIаккха Хьетлонехула, Хьаматан Iин ‡† тIе
дIакхочу. [16] Цигара дIа Хьамат-гIала а, Берата-гIала
а Дамасакханий, Хьаматаний юккъехь йолчу
Сибраймана тIекхочу. Цигара дIа Хьавранаца доза
долчу Хьацар-Тихунана тIе кхочу. [17] Иштта, лаьттан
къилбаседера доза хIордана тIера дуьйна
Дамасакхан кIоштан къилбаседерчу дозанахь
йолчу Хьацар-Iейнана тIехь хир ду, цигара дIа
къилбаседехьа йолчу Хьамат-гIала лаьттачу
меттигца а хир ду.
[18] Малхбалехьа долу доза Хьавранний,
Дамасакхний юккъехула долу, иштта ГалIадний,
Исраил-махканий юккъехула долу, Йордан-хи
йистехула дIадоьду малхбалехьа болчу хIордана
тIе кхаччалц. Иза малхбалехьара доза хир ду.
[19] Къилбехьа долу доза Тамарина тIера Мериба-
Кхадеш цIе йолчу шовданна тIе кхаччалц дIагIур
ду, цул тIаьхьа Мисар-мехкан дозанехь долчу хин
йистехула Дуьненаюккъерачу хIордана тIе
кхаччалц дIагIур ду. Иза къилбехьара долу доза
хир ду.
[20] Малхбузехьарчу агIор дозанна метта
Дуьненаюккъера хIорд хир бу, Хьаматан Iинна
дуьхьал йолчу меттигна тIе кхаччалц. Иза
малхбузехьара долу доза хир ду.
[21] И латта, Исраилан халкъан тайпанашка
хьаьжжина, шайна юкъахь дIасадекъа. [22] И латта
шайна а, шайна юкъахь доьзалш а кхоьллина,
бехаш болчу кхечу къаьмнех болчу нахана а, кхаж
а тасий, дIасадекъа. Кхечу къаьмнех болу нах
исраилхошца нийсса лара беза. Царна а, Исраилан

† *Халкъ даздина ца хилийтархьама *– нагахь санна, динан да а воцуш, адам оцу даздинчу сагIанашца цхьаьна нисделча, цунна зе хир дара.** †† *47:1 Закри-ЯхIу 14:8; Яхьъя 7:38; Довзийтинарг 22:1.*

‡ *47:12 Довзийтинарг 22:2.* ‡† *Ширачу грекийн гочдар тIехь: *...Хьаматан Iин тIе дIакхочу. Цигара дIа Цедад-гIала... *Iебархойн тептар тIехь: *...Цедадан Iин тIе дIакхочу. Цигара дIа Хьамат-гIала...**

халкъан тайпанашна санна, лаьттан дакъа кхочу.
23 И тIевеана стаг юкъахь вехаш долчу тайпано
лаьтта тIера цунна доьзалан дакъа дала деза».
Иштта боху Хьалдолчу Эло.

## Тайпанашна юкъахь латта декъар

48 «ХIорш ю тайпанийн цIераш. Къилбаседехьа
йолчу агIор Хьетлонан некъана уллохула
Хьаматан лаьмнийн дехьадовларан метте, цигара
дIа Хьацар-Iейнана тIе кхаччалц (иза Дамасакхан
кIоштан доза ду. Цунна къилбаседехьа чохь
Хьамат-гIала йолу меттиг ю): малхбалехьарчу
дозанна тIера хIордана тIе кхаччалц Данан
тайпанан лаьттан дакъа хир ду. 2 Данан дозанна
тIера, малхбалехьара малхбузехьа кхаччалц долу
лаьттан цхьа дакъа Ашаран тайпанна кхочур ду.
3 Ашаран декъа тIера, малхбалехьара малхбузехьа
кхаччалц долу лаьттан важа дакъа Напталан
тайпанан долахь хила деза. 4 Напталан декъа тIера
дуьйна малхбалехьара малхбузехьа кхаччалц долу
лаьттан дакъа Маннашан тайпанан хила деза.
5 Маннашан долахь долчу декъа тIера дуьйна
малхбалехьара малхбузе кхаччалц долу лаьттан
цхьа дакъа Эпрайман долахь хила деза. 6 Эпрайман
дозанна тIера схьа, малхбалехьара дуьйна
малхбузе кхаччалц долу цхьа дакъа Раабанан
долахь хила деза. 7 Раабанан дозанна тIера,
малхбалехьара малхбузехьа кхаччалц долу лаьттан
цхьа дакъа ЯхIудан тайпанна кхочур ду».

## Лаьттан езачу кIоштах лаьцна

8 «ЯхIудан декъана уллохь малхбалехьара
малхбузе кхаччалц ткъе пхиъ эзар дол шуьйра
меттиг леринчу Iалашонна дIакъастор ду. Цуьнан
йохалла, вукху дакъойн ма-хиллара, хир ю. Цу
лаьттан декъана юккъехь *Делан цIа* хир ду.
9 Аша Везачу Элана совгIатна дала дезаш долу
лаьттан дакъа йохаллехь ткъе пхиъ эзар, ткъа
шораллехь – ткъа эзар дол † хир ду. 10 Динан
дайшна лерина долу лаьттан деза дакъа иштта хир
ду. Иза къилбаседехьа агIор ткъе пхиъ эзар дол
дохаллехь хила деза, малхбузехьа агIор – шоралла
итт эзар дол, малхбалехь – шоралла итт эзар дол,
иштта къилбехь дохалла ткъе пхиъ эзар дол хила а
деза. Цу лаьттана юккъехь Везачу Элан еза меттиг
хила еза. 11 И латта Суна къобалбинчу а, ЦIадукъин
тIаьхьенах болчу а, Сан дуьхьа ха дина болчу а
динан дайшна дIало. Исраилан халкъ тиладеллачу
хенахь, уьш Суна уллора дIа ца бевлира, левихой
ма-бовллара. 12 И латта, левихойн лаьттан декъана
уллохь а долуш, церан долахь хир ду, ткъа лаьттан
езачу кIоштахь иза чIогIа деза дакъа хир ду.
13 Левихошна а кхочур ду лаьттан езачу кIоштах
цхьа дакъа. И дакъа, динан дайн декъана уллохь а
долуш, хир ду ткъе пхиъ эзар дол дохаллехь а, итт
эзар дол шораллехь а. Езачу кIоштах долу
левихойн дакъа йохалла ткъе пхиъ эзар дол хир ду,
ткъа шоралла – итт эзар дол хир ду. 14 Цу лаьттах
цхьа а дакъа я дохка а, я хийца а йиш яц церан.
Иштта цхьана стеган карара вукхун кара дIадала а
йиш яц и тоьлла латта, хIунда аьлча иза Везачу
Элан долахь долу деза латта ду.
15 Важа долу лаьттан дакъа, ткъе пхиъ эзар дол
дохаллехь а, пхи эзар дол шораллехь а долу, гIалин
дола а даьккхина, дIалур ду, иза деза хир дац. Цу
лаьтта тIехь адамаша гIишлош а йийр ю, цигахь
дежийлаш а хир ю, ткъа гIала цу лаьттана юккъехь
хир ю. 16 ГIалин барам иштта хила беза:
къилбаседехьара агIо диъ эзар пхи бIе дол,
къилбехьа йолу агIо – диъ эзар пхи бIе дол,
малхбалехьара а, малхбузехьара а йолу агIонаш –
диъ эзар пхи бIе дол хила еза. 17 ГIалин шен
дежийлаш хир ю. Уьш къилбаседехьа а, къилбехьа
а ши бIе шовзткъе итт дол хир ю, иштта
малхбалехьа а, малхбузехьа а йолчу агIор ши бIе
шовзткъе итт дол хир ю. 18 Лаьттан езачу кIоштан
йистошкахь йисина меттиг – итт эзар дол
малхбалехьа а, оццул малхбузехьа а – гIаларчу
белхалошна даа хIума кхио лерина хир ю.
19 Исраилан халкъан массо а тайпанех болчу гIалин
белхалоша болх бийр бу цу йисинчу меттехь.
20 Дерриг и схьакъастийна долу латта деакIов
хила деза – ткъе пхиъ эзар дол йохаллехь а, оццул
шораллехь а долуш. Иштта схьакъастийначу
лаьтта чу йогIуш хир ю лаьттан еза кIошт а, гIала
тIехь йолу латта а.
21 Лаьттан езачу кIоштана а, гIалин дола
яьккхинчу меттигна а шинна а агIор долу дисина
латта элан долахь хир ду. Ткъе пхиъ эзар дол
дохаллехь йолчу езачу кIоштан малхбалехь и латта
Исраил-мехкан малхбалерчу дозанна тIе кхаччалц
хир ду, ткъа езачу кIоштан малхбузехь и латта
Исраил-мехкан малхбузерчу дозанна тIе кхаччалц
хир ду. Цу лаьттан ший а дакъа элан долахь хир ду,
ткъа царна юккъехь еза кIошт хир ю, чохь Делан
цIийнан еза меттиг йолу. 22 Иштта, левихойн латта
а, гIалина дIаделла латта а – элан долахь долчу
лаьттана юккъехь нисло. Элан латта Бен-Яманан а,
ЯхIудан а тайпанийн лаьттана юккъехь нисло.
23 Ткъа кхечу тайпанашна латта иштта дIадекъа
деза: малхбалехьара малхбузе кхаччалц цхьа
дакъа Бен-Яманна кхочу. 24 Бен-Яманан дозанна
тIера малхбалехьара малхбузехьа кхаччалц долу
лаьттан цхьа дакъа ШимIин тайпанна кхочур ду.
25 ШимIин дозанна тIера малхбалехьара дуьйна
малхбузе кхаччалц долу цхьа дакъа Иссарханна
кхочу. 26 Иссарханан декъана тIера малхбалехьара
малхбузе кхаччалц долу цхьа дакъа Забулана
кхочу. 27 Забулан декъа тIера малхбалехьа йолчу
йистана тIера малхбузехьа йолчу йистана тIе
кхаччалц долу цхьа дакъа Гадина кхочу.
28 Гадин къилбехьа долу доза, къилбехьа йолчу
Тамарина тIера дуьйна Мериба-Кхадеш олучу

† *Ширачу грекийн гочдар тIехь: *ткъа эзар дол. *Iебархойн тептар тIехь: *итт эзар дол.**

шовданна тIе а кхаьчна, цигара Мисар-мехкан
дозанехь долу хин йистехула Дуьненаюккъерачу
хIордана тIе кхочу.
[29] Иза ду аша исраилхойн тайпанашна юкъахь,
кхаж а тосуш, дIадекъа дезаш долу латта, церан
лаьттан дакъош а хIорш ду», – боху Хьалдолчу Эло.

### Ярушалайман кевнаш

[30] †«ХIорш ю гIалина чуьра араволийлаш. ГIалин
къилбаседехьа йолу агIо йохаллехь йиъ эзар пхи
бIе дол хир ю. [31] ГIалин кевнаш исраилхойн
тайпанийн цIераш техкина хир ду. Къилбаседехьа
долу кхо ков Раабан а, ЯхIудан а, Левин а цIераш
йолуш хир ду. [32] Малхбалехьа йолу агIо а йиъ эзар
пхи бIе дол хир ю йохаллехь, цигахь а кхо ков хир
ду: Юсупан а, Бен-Яманан а, Данан а цIарах.
[33] Къилбехьа йолу агIо а хир ю йиъ эзар пхи бIе
дол. Цигахь а хир ду кхо ков: ШимIин а, Иссарханан
а, Забулан а цIарах. [34] Малхбузехьа йолу агIо а хир
ю йиъ эзар пхи бIе дол йохаллехь. Цу агIонгахь
долу кхо ков Гадин а, Ашаран а, Напталан а цIарах
хир ду. [35] ГIалина гонах йолу меттиг йохалла
юьстича, ерриг а берхIитта эзар дол хир ю. Ткъа
оцу дийнахь дуьйна цу гIалин цIе, „Цигахь Веза Эла
ву“ аьлла, хир ю».

† *48:30-34 Довзийтинарг 21:12, 13.*

# Даниал

### Дешхьалхе

жуьгтийн халкъ боккхачу баланехь хиллачу хенахь яздина ду. ХIетахь и халкъ хийрачу махкарчу паччахьо Iазапехь латтош а, эккхийна лелош а хилла. Дийцарш а, дуьхьалхIиттина суьрташ а юкъа а далош, яздархочо сатуьйсура шен заманчохь халкъана ницкъ беш болу паччахьаш-Iазапхой дIа а баьхна, Дала къастийначу халкъан паргIато меттахIоттаяре.
Тептаран ши дакъа ду: 1) Делах тешарехула а, Далла муьтIахь шаьш хиларехула а шайн мостагIий эшош болчу Даниал-пайхамарх а, цуьнан накъостех а лаьцна долу дийцарш. Оцу дийцарш тIехь далийнарг Бавелан а, Парсин а пачхьалкхаш хиллачу хенахь хилла хIуманаш ду. 2) Даниална дуьхьалхIоьттина масех сурт. Цара билгало еш довзуьйту Iазап латтош хиллачу масех пачхьалкхана хьалха-тIаьхьа хилла бохамаш а, кхиамаш а. Суьрташа доладо Бавел-пачхьалкхан кхиам а, бохам а гайтар. Эххар а, суьрташа схьадуьйцу хийрачу мехкийн Iазапхошна тIедогIу долу хIаллакьхилар а, Дала къастийначу халкъо боккхур болу толам а.

### Набухди-Нецаран кертахь

1 †ЯхIу-Якхам-паччахьо ЯхIуд-махкахь
пачхьалла дечу кхоалгIачу шарахь Бавел-
мехкан паччахьо Набухди-Нецара, ван а веана,
Ярушалайм-гIалина го лецира. 2 ††ТIаккха
Хьалдолчу Эло цуьнан кара вахийтира ЯхIуд-
мехкан паччахь волу ЯхIу-Якхам. ЯхIу-Якхам-
паччахь а, кхин дIадигна долу адамаш а Набухди-
Нецара ШанIар-махкара шен *делан цIа* чу
дIадигийтира. Ткъа Ярушалайм-гIалара Делан цIа
чуьра цхьайолу еза хIуманаш, шен дола а яьхна,
шайн делан цIа чуьра хазнина тIе дIаяхьийтира цо.
3 Паччахьо омра дира шен кертарчу хьаькамийн
куьйгалхочуьнга Ашпеназе, исраилхойн тоьллачу
пачхьхьийн а, элийн а цIийнах бевлла болу
къонахой шена тIе схьабалабе аьлла. 4 Уьш хила
безара шайн догIмашца цхьа а сакхталла а йоцуш,
юьхьсибатца хаза а болуш, муьлхха а Iилма Iамо
кхетам а болуш, Iилма девзаш а болуш, кIорггера
хьекъал а долуш, пачхьахьан цIа чохь гIуллакх дан
ларор болу къонахой. Царна Iамор ду хашадийн
мотт бийца а, цу маттахь долу тайп-тайпанара
тептарш деша а. 5 Иштта пачхьахьо тIедиллира
хIора дийнахь царна шен цIа чуьра мала чагIар
далар а, яа хIума ялар а. КхидIа а тIедиллира цо и
къонахой кхаа шарахь кхетош-кхиор а, и хан
дIаяьлча, уьш шена тIебалор а. 6 Цу къонахошна
юкъахь бара ЯхIудан тIаьхьенах болу Даниал а,
Хьанан-ЯхIу а, Мишаал а, Iазар-ЯхIу а. 7 Пачхьахьан
кертара хьаькамийн коьртачу куьйгалхочо церан
цIераш хийцира. Даниалх – Бел-Ташацар элира,
Хьанан-ЯхIух – Шадрак элира, Мишаалах – Мешак
элира, ткъа Iазар-ЯхIуна Iабди-Нага боху цIе
тиллира. 8 Пачхьахьан цIа чуьра юучуьнца а,
пачхьахьо молучу чагIарца а ша Далла гергахь
бехлур вац аьлла, нигат дира Даниала. Цундела цо
дийхира Ашпеназе Далла гергахь хьарам йолчу
юучух а, маларх а ша хьакха ца валийтар. 9 Дала
нисдира пачхьахьан кертара хьаькамийн куьйгалхо
цуьнца дика хилар. 10 Цу коьртачу куьйгалхочо
Даниале элира: «Кхоьру со сайн олахочух, сайн
пачхьахьах. Цо ша хIоттийна шуна и даар-малар
далар. Нагахь санна цунна шун хенара болчу
къонахойл шун яххьаш гIелъелла гахь, сан корта
боккхуьйтур бу аш пачхьахье».
11 ТIаккха Даниала ша а, шен кхо накъост а
ларван коьртачу куьйгалхочо хIоттийначу
гIаролхочуьнга дехар дира: 12 «Зехьа ахьа хьайн
леш итт дийнахь. Балийтахьа тхуна баа беккъа
хасстоьмаш а, мала хи а. 13 ТIаккха хьожур хьо тхан
яххьашка а, пачхьахьан юург-мерг йиъначеран
яххьашка а. Цул тIаьхьа хьайн лех хьайна луъург
дер ахь».
14 Даниала аьлларг а дина, цо итт дийнахь зийра
уьш. 15 Итт де даьлча, церан яххьаш а, догIмаш а
пачхьахьан кхача бууш Iийначарел хаза хилла
карийра. 16 Цул тIаьхьа гIароло, ойла ца керчаш,
церан юург а, чагIар а, схьа а оьций, царна баа
хасстоьмаш лора.
17 Цу веа а къонахчунна массо а тайпана тептарех
кхетар а, Iилма хаар а, хьекъал а делира Дала. Ткъа

† 1:1 2 Шерашкахь 36:5-7. †† 1:2-4 Сулим 20:17, 18; 2 Шерашкахь 36:10; ЕшаI-ЯхIу 39:7, 8.

Даниална, цул совнаха, гина гІенаш а, самах
дуьхьалхІуьтту суьрташ а тида хаар делира.
[18] Йийсарехь болчарна юкъара хаьржина массо а
къонахой паччахьна гайта йиллина хан
тІекхаьчначу хенахь, паччахьан кертара коьртачу
куьйгалхочо уьш Набухди-Нецар-паччахьна
тІебалийра. [19] Ша цаьрца къамелаш дича,
паччахьна билгалделира цу массо а къонахошна
юкъахь цхьа а Даниале а, Хьанан-ЯхІуга а,
Мишаале а, Іазар-ЯхІуга а кхочуш ца хилар. ТІаккха
хІорш бисира паччахьан кертахь гІуллакх дан.
[20] Муьлххачу а хьекъал-кхетам оьшучу гІуллакххехь
а, паччахьо хІуъа хаттар дича а, цунна карабора
уьш уьттазза алсам хууш шен пачхьалкхера мел
болчу бозбунчел а, эвлаяэл а. [21] Иштта Іийра
цигахь Даниал, Къуреш-паччахь хІоьттина
хьалхара шо тІекхаччалц.

## Набухди-Нецарна гина гІан

2 Набухди-Нецара паччахьалла дечу шолгІачу
шарахь цунна гора гІенаш. Уьш бахьана долуш
синтем боцуш а, наб яйна а вара иза. [2] Паччахьо
омра дира, бозбунчаш, палтуьйсурш, жинашца
тайнарш, седа-жайна хьовсурш схьакхайкха аьлла,
цаьрга шена гІенах гина суьрташ
схьадийцийтархьама. Уьш, баьхкина, паччахьна
хьалха дІахІиттира. [3] ТІаккха паччахьо элира
цаьрга: «Суна гІан гина. Сан сагатделла. Сайн
гІенах кхета лаьа суна».
[4] Седа-жайна хьовсучара арамхойн маттахь †
элира паччахье: «Паччахь! Вехийла хьо даим!
Дийцахь хьайн лешка и гІан, тІаккха дуьйцур ду
оха цуьнан маьІна».
[5] Паччахьо, жоп луш, элира седа-жайна
хьовсучаьрга: «Ас чІагІо йина, нагахь санна аша
сан гІан а, цуьнан маьІна а суна ца дийцахь, шух,
аьтта, кескаш яйта а, шун цІенойх саьлнаш йита а.
[6] Нагахь санна аша сан гІан а, цуьнан маьІна а
дийцахь, соьгара совгІаташ а, сийлахь-боккха
ларам а хир бу шуна. Дийца хІинца сан гІан а,
цуьнан маьІна а».
[7] ШолгІа а цара дийхира паччахье: «Дийцахьа,
паччахь, хьайн лешка хьайна гина гІан, тІаккха
туьдур ду оха цуьнан маьІна».
[8] Паччахьо элира, жоп луш: «Билггала хаьа суна,
ас чІагІо йинийла хууш, шу хан ялийта гІертий.
[9] Сан гІан аша соьга ца дийцахь, шуна массарна а
цхьатерра таІзар дийр ду. Шу дохку соьга, хан а
ялийтина, доцург дийца а, аьшпаш ботта а. Дийца
сан гІан, тІаккха хуур ду суна цуьнан маьІна шуна
хаьа я ца хаьа».
[10] Седа-жайна хьовсучара элира паччахье: «Дац-
кх хІокху лаьтта тІехь цхьа а адам и гІуллакх
паччахье дийцалур долуш, цундела цхьана а
сийлахь а, нуьцкъала а волчу паччахьо и саннарг
тІедожийна дацара цхьана а бозбунчашна а,
эвлаяашна а, седа-жайна хьовсучарна а. [11] Ша
деланаш боцучарна, цхьанна а хуур доцуш, тІех
хала ду паччахьо тІедожийна и гІуллакх. Ткъа уьш
кху лаьтта тІехь бехаш бац».
[12] И хезча, чуьравелира паччахь, чІогІа
оьгІазвахара иза. ТІаккха цо омра дира, бавелхойн
берриге а хьекъале нах хІаллакбе аьлла.
[13] Хьекъале нах хІаллакбе аьлла, и омра дича,
Даниал а, цуьнан накъостий а лийхира, уьш
хІаллакбархьама.

## Дала Даниална гІенан маьІна довзуьйту

[14] И хьекъале нах байар паччахьан гІаролан
коьртачу хьаькамна Ариханна тІедиллина дара.
Цуьнга оьзда а, хьекъале а къамел дира Даниала.
[15] Цо хьаттира Арихане: «Паччахьера иштта буьрса
омра хІунда даьлла те?» – аьлла. Арихана и
гІуллакх ма-дарра дийцира Даниале.
[16] ТІаккха, ваха а вахана, Даниала паччахье
дийхира шена хан ялар, цу гІенан маьІна
паччахьна довзийтархьама. [17] Шен цІа а веана,
Даниала шен накъосташка Хьанан-ЯхІуга а,
Мишаале а, Іазар-ЯхІуга а и гІуллакх дІадийцира.
[18] Ша а, шен накъостий а кхечу бавелхойн
хьекъалалла долчаьрца хІаллак ца байтархьама,
Даниала шен накъосташка дийхира стигалшкарчу
Деле доІанаш дар, Шен къинхетамца а, дикаллица
а Цуьнга паччахьан гІенан къайле шайна
йовзийтар доьхуш. [19] ТІаккха, буса дуьхьал сурт а
хІоьттина, дІаеллаелира и къайле Даниална.
Стигалшкара Дела хаставира Даниала:
[20] «Хастам бу Хьуна, Дела, азалера *абаделлалц*,
кхетам а, ницкъ а Хьоьгахь болу дела!
[21] Ахь хуьйцу-кх хенаш а, заманаш а,
дІа а боху, хІитта а бо паччахьаш.
Ахь кхетам болчарна кхетамалла ло,
хьекъал долчарна хьекъалалла ло.
[22] Ахь дІайоьллу кІорггера къайленаш,
хаьа Хьуна боданехь дерг,
серло а Хьоьца еха.
[23] Ас хеставо Хьо, ваз а во Хьо, сан дайн Дела,
Ахь хьекъал а, ницкъ а суна делла дела.
Оха Хьайга дехнарг суна дели Ахь,
паччахьан гІуллакх а довзийти Ахь тхуна».

## Паччахьна шен гІан довзийтар

[24] Цул тІаьхьа, паччахьо бавелхойн хьекъалалла
дерш хІаллакбар тІедожийна волчу Ариханна тІе а
вахана, Даниала дийхира, и бавелхойн хьекъале
нах хІаллак а ца беш, ша паччахьна тІе вигахь,
тІаккха ша дІадуьйцур ду цу гІенан маьІна аьлла.
[25] Арихана, сихха Даниал паччахьна тІе а вигна,
элира: «Йийсарехь болчу ЯхІуд-махкарчу
кІенташна юкъахь цхьа стаг карийна суна,
паччахьна цуьнан гІенан маьІна дуьйцур долуш
волу».

† *ХІара тептар кхузара дІа ворхІалгІа корта чекхбаллалц яздина дара арамхойн маттахь.**

26 Паччахьо, Бел-Ташацар аьлла, цIе тиллина
волчу Даниале хаьттира: «Дийцалур дуй хьоьга
суна гина гIан а, цуьнан маьIна а?»
27 Даниала паччахье жоп делира: «Паччахь, ахьа
хоьттуш йолу къайле хуур яц хьекъалалла
долчарна а, эвлаяашна а, бозбунчашна а,
палтосучарна а. 28 Амма ву стигалшкахь къайленаш
дIайоьллуш волу Дела. Цо дIадоьллу Набухди-
Нецар-паччахьна тIаьхьарчу заманчохь хиндерг.
Хьо дIавижна волуш хьан коьрта чохь хьуна гина
гIан а, сурт а иштта дара: 29 ДIавижна волуш,
паччахь, хьо ойла еш вара: „ХIун хир ду те
хIинцачул тIаьхьа?“ – бохуш. И къайленаш
дIайоьллуш Волчо хьуна хиндерг гайтира. 30 Лаьтта
тIехь бехаш болчарна юкъахь массарел а кхетам
болуш со ву аьлла, дIаеллаелла яц суна и къайле,
иза ду хьуна, паччахьна, хаийтархьама хIун
ойланаш йоллу хьан даг чохь.
31 Хьуна, паччахь, иштта сурт хIоьттинера:
лаьтташ дара тайп-тайпанчу гIирсех дина цхьа
доккха сурт. Инзаре доккха дара иза. Исбаьхьа
лепаш лаьттара и хьуна хьалха. Кхераме дара
цуьнан васт. 32 Цу суьртан корта бара цIеначу
деших бина. Цуьнан накха а, цуьнан куьйгаш а
детих дина дара. Цуьнан гай а, гIогIаш а цIестан
дара. 33 Цуьнан настарш аьчках йина яра, ткъа
когийн цхьадолу дакъош аьчках, важа дакъош
поппарх дина дара. 34 Хьо хьоьжуш лаьтташехь,
цхьа тIулг, ломах ша дIакъастийча, чухецабелира.
Цу суьртан аьчках а, поппарх а бинчу когашна тIе а
боьжна, уьш бохийра цо. 35 ТIаккха ша дерриге а
цхьана этира: эчиг, поппар, цIаста, дети, деши,
аьхкенан хьаьттахь йолу чан санна, хилира. Мохо
ядийра уьш, хилла лар а ца йисира царех. Ткъа и
*цIу* вохийна болчу тIулгах боккха лам хилира,
доллу латта а дузуш.
36 ХIара ду-кх и гIан! Дуьйцур вай паччахьна
цуьнан маьIна а. 37 Хьо ву паччахь, паччахьийн а
паччахь, стигалшкара Дала паччахьалла а, олалла
а, ницкъ а, сийлалла а делла волу. 38 Цо делла хьан
кара массо а адамаш, уьш миччанхьа дехаш
делахь а, лаьттан дийнаташ, стигалшкара
олхазарш, хьо царна тIехь олахо а вина Цо. И дашо
корта – хьо ву! 39 Хьол тIаьхьа кхоллалур ю кхин
пачхьалкх, кхул оьшуш а йолуш, тIаккха кхин а
кхоалгIа пачхьалкх хир ю, цIестаниг. Цо дерриге а
лаьтта тIехь олалла дийр ду. 40 Ткъа йоьалгIа
пачхьалкх хир ю, эчиг санна, чIогIа. Эчиго массо а
хIума йохаяре а, атаре а терра, иштта и пачхьалкх
а хир ю, массо а хIума хIаллакдеш долу эчиг санна,
ерриг а хьалхалера пачхьалкхаш отуш, йохош.
41 Ткъа хьуна гина болу когаш а, когийн пIелгаш а,
цхьа дакъа кхийрачу поппарх, важа дакъа эчигах
лаьтташ долу, – иза хир ю екъаелла пачхьалкх.
Цуьнца жимма эчиган чIагIо хир ю, хIунда аьлча
хьуна гира эчиг кхийран поппарх эделла. 42 Когийн
пIелгаш эдинчу эчигах а, поппарх а дина хиларе
терра, иштта и пачхьалкх а хир ю цхьайолу
меттигаш чIогIа йолуш, вуьш экам йолуш. 43 Ткъа
хьуна гина долу, кхийран поппарца эдина долу
эчиг иза – оцу пачхьалкхийн урхалчаш адаман
хIуьнца, вовшашлахь захалонаш деш, элур бу
бохург ду. Амма эчиг а, поппар а цхьаьна ца
эдаларе терра, и пачхьалкхаш цхьаьнакхетар яц.
44 Цу пачхьалкхаша олалла дечу деношкахь
стигалшкара Дала кхуллур ю цкъа а йохалур йоцу,
цхьана а кхечу къоме эшалур йоцу пачхьалкх. Цо
аьтта дIайохуьйтур ю массо а пачхьалкхаш, ткъа
ша-м лаьттар ю иза даим. 45 ХIунда аьлча и тIулг,
хьуна ма-гарра, лам тIера дIакъастийра, амма иза
адаман куьйго дина дацара. Ткъа оцу тIулго, цу
суьртана тIе а керчина, эчиг а, цIаста а, поппар а,
дети а, деши а аьтта дIадаьккхира. Сийлахь
Воккхачу Дала хаам бина паччахьна хиндолчух
лаьцна. И гIан а бакъ ду, иштта нийса ду цуьнан
маьIна а».

### Даниална совгIат далар

46 ТIаккха Набухди-Нецар, Даниал ваз а вина,
цунна суждане вахара. Цунна сагIанаш даха а, хаза
хьожа йогIу хIуманаш ягае а аьлла, омра дира цо.
47 Паччахьо элира Даниале: «Баккъалла ву шун
Дела массо а деланийн Дела а, паччахьийн Олахо
а, къайленаш йовзуьйтуш волу, хIунда аьлча хьуна
а и къайле Цо йовзийтина дела». 48 ТIаккха даржехь
лакхаваьккхира паччахьо Даниал. Дуккха даккхий
совгIаташ делира цо цунна. Бавел-мехкан цхьана
декъа тIехь а, бавелхойн хьекъалалла долчарна
тIехь а коьрта хьаькам хIоттийра цо иза. 49 Цул сов,
Даниала шега дехар дича, паччахьо Бавел-мехкан
гIуллакхаш дан Шадрак а, Мешак а, Iабди-Нага а
хIоттийра, ткъа Даниал паччахьан кертахь висира.

### Набухди-Нецаран омра

3 Набухди-Нецар-паччахьо деших цхьа сурт
дайтира, лакхалла кхузткъа *дол* барам болуш,
ткъа шоралла ялх дол барам болуш. Цо иза
дIахIоттийра Бавел-махкара Дура олучу шерачу
арахь. 2 ТIаккха Набухди-Нецар-паччахьо
схьакхайкхира тхьамданаш, мехкадай, куьйгалхой,
коьрта кхелахой, хазна Iалашйийраш, бакъонаш
лелораш, кхелан нийсо ларйийраш, иштта кхин
болу мехкан хьаькамаш а, и дайтина сурт даздеш,
дIаделларна хIоттийначу дезачу дийнахь
схьадуьйла аьлла. 3 Тхьамданаш а, мехкадай а,
юьртдай а, коьрта кхелахой а, хазна Iалашйийраш
а, бакъонаш лелораш а, кхелан нийсо ларйийраш
а, кхин болу мехкан хьаькамаш а Набухди-Нецар-
паччахьо хьалахIоттийна долу сурт гучудаккхар
даздан схьагулбелира. Набухди-Нецар-паччахьо
хьалахIоттийначу суьртана хьалха дIахIиттира
уьш. 4 ТIаккха туркхо зевне мохь туьйхира: «Хаам
бо шуьга, массо а къаьмнийн а, халкъийн а,
меттанийн а болу нах! 5 Нагахь маIийн, шедагийн,
дечиг-пондарийн, мерз-пондарийн, зурманийн

иштта кхин массо а тайпана эшарийн гIирсийн аз
шайна хезча, охьа а эгий, сужда де Набухди-Нецар-
паччахьо дIахIоттийначу дашочу суьртана. [6] Ткъа,
охьа а воьжна, суждане ца ваханарг, цу сохьта цIе
летта йогучу пеша кхуссур ву». [7] Цундела, шайна
маIийн, шедагийн, дечиг-пондарийн, мерз-
пондарийн, кхин массо а тайпанарчу эшарийн
гIирсийн аз хезча, массо а мехкийн, халкъийн,
меттанийн а болчу наха, охьа а эгна, Набухди-
Нецар-паччахьо дIахIоттийначу дашочу суьртана
сужда дира.

### МуьтIахь ца хиларна бехкебар

[8] Оцу хенахь цхьаболу седа-жайна хьовсучара
яхIудхой бахьана долуш, бахка а баьхкина,
паччахье мотт туьйхира. [9] Цара Набухди-Нецар-
паччахье элира: «Паччахь, вехийла хьо даим! [10] Ахь
омра динера, хIора адам шена маIийн, шедагийн,
дечиг-пондарийн, мерз-пондарийн, зурманийн,
кхин йолу массо а тайпанарчу эшарийн гIирсийн
аз шайна хезча, охьа а эгий, сужда де деших динчу
суьртана аьлла. [11] Ткъа, охьа а воьжна, суждане ца
ваханарг цIиййиначу пеша кхосса аьлла. [12] Амма
ахь Бавел-махка тIехь гIуллакх дан хIоттийначу
къонахоша кхочуш ца до, ва паччахь, хьан омра.
Уьш бу Шадрак а, Мешак а, Iабди-Нага а цIе йолу
яхIудхой. Хьан деланаш а ца лору цара, ахь
дIахIоттийначу деших динчу суьртана Iибадат а ца
до цара».
[13] ТIаккха Набухди-Нецара, ша луьра
дарвеллачохь, тIедожийра Шадрак, Мешак, Iабди-
Нага а шена тIевалор. И нах паччахьна тIебалийра.
[14] Набухди-Нецара хаьттира цаьрга: «Бакъ дуй,
Шадрак, Мешак, Iабди-Нага, аша сан деланаш ца
ларар а, ас дIахIоттийначу суьртана Iибадат ца дар
а? [15] Нагахь санна хIинца дуьйна шаьш кийча
хилахь, шайна маIийн, шедагийн, дечиг-
пондарийн, мерз-пондарийн, зурманийн а, иштта
кхин йолу массо а тайпанарчу эшарийн гIирсийн
аз ма-хеззинехь, охьа а эгий, сужда делаш аса
дIахIоттийначу деших диначу суьртана. Амма аша
Iибадат ца дахь, цу сохьта цIиййиначу пеша
кхуссур ду шу. ТIаккха муьлхачу дала кIелхьардохур
ду шу сан куьйгах?»
[16] Шадрака а, Мешака а, Iабди-Нагас а жоп делира
Набухди-Нецар-паччахье: «Цунах лаьцна хьоьга
жоп дала оьшуш меттиг бац тхан. [17] Нагахь санна
тхо цIийина йогучу пеша кхийсахь а, оха Iибадат
деш волу Дела ницкъ болуш ву тхо цунах
кIелхьардаха. Хьан куьйгах а, ва паччахь,
кIелхьардохур ду Цо тхо. [18] Нагахь санна Цо и ца
дахь а, хаа ду хьуна, ва паччахь, хьан деланаш оха
лорург цахилар а, ахь дIахIоттийначу дашо
суьртана корта беттарг цахилар а».

### Шадрак а, Мешак а, Iабди-Нага а пеша чу кхоссар

[19] И хезча, оьгIазаллех вуьзира Набухди-Нецар.
Шадраке а, Мешаке а, Iабди-Наге а хьаьжча, ойла
хийцаелира цуьнан. ТIаккха хIинццалц чул
ворхIазза чIогIа пеш латае аьлла, омра дира цо.
[20] Шен эскарера уггаре а онда болчу къонахошна
тIедожийра паччахьо Шадрак а, Мешак а, Iабди-
Нага а, дIа а вихкина, цIиййиначу пеша кхоссар.
[21] Цул тIаьхьа уьш, дIа а бихкина, чухулара а,
тIехулара а бедаршца а, коьртарчу хIуманашца а,
церан кхин йолу тIерачу хIуманашца а цIе летта
йогучу пеша кхиссира. [22] Паччахьо дина и омра
чIогIа а хилла, пеш сов тIех цIиййина хилар
бахьана долуш, цIеран алуно багийна байира
Шадрак а, Мешак а, Iабди-Нага а пеша чу кхиссина
болу нах. [23] Ткъа хIара кхо стаг, Шадрак, Мешак,
Iабди-Нага а, вихкина а волуш, цIе летта йогучу
пеша вуьйжира.

### Кхо доттагI кIелхьарваккхар

[24] Жимма хан яьлча, пеша хьоьжучу Набухди-
Нецара, инзар а ваьлла, сихха хьала а иккхина,
шена гонах болчу элашка хаьттира: «Кхо стаг
вацара вай вихкина цIерга кхоьссинарг?» – аьлла.
Цара жоп делира паччахье: «ЦIена бакъ ду-кх
иза, паччахь!» – аьлла.
[25] Цара аьллачунна дуьхьал паччахьо элира:
«ХIан-хIан, вихкина воцу виъ стаг го суна цу чохь
цIарна юккъехула лелаш, цхьа а тайпана зен ца
хилла царна, ткъа воьалгIачун васт маликачух †
тера ду».

### Кхо доттагI даржехь лакхаваккхар

[26] Йогучу пешан кевне а вахана, Набухди-Нецара
элира: «Шадрак, Мешак, Iабди-Нага, Веза Воккхачу
Делан леш, арадовла, схьадуьйла!» ТIаккха
Шадрак, Мешак, Iабди-Нага а цIеран юккъера
арабевлира. [27] Схьагулбеллачу тхьамданашна а,
мехкадайшна а, куьйгалхошна а, паччахьна гонах
болчу элашна а гира хIокху нехан догIмашна тIехь
и цIе ницкъ болуш ца хилар. Коьртара месаш а ца
ягийнера, тIера бедарш а хийца ца еллера, ур-
атталла цIеран хьожа-м яцара царех йогIуш.
[28] ТIаккха Набухди-Нецара элира: «Хастам бу
Шадракан а, Мешакан а, Iабди-Нагин а Далла,
царна Шен малик даийтина волчу. Шех тешна,
паччахьан омра кхочуш а ца дина, шайн Дела
воцург лара а ца лерина, шайн Дела воцчунна
цхьана а кхечу далла Iибадат а ца дина, шайн
догIмаш цIерга тесна болу хIорш кIелхьарбаьхна
Цо.
[29] Ас сайгара омра луш ду муьлххачу а къаьмнийн
а, халкъийн а, меттанийн а болчу нахах Шадракан,
Мешакан, Iабди-Нагин а Дела сийсазвинарг, аьтта,

† *Маликачух *– я иштта: «деланийн кIантах», я: «Делан кIантах».**

кескаш йина карор ву, цуьнан цIа саьлнаш йина
карадойтур ду, цу Деле санна, кхин цхьана а Деле
кIелхьарваккхалур воцу дела».
30 Цул тIаьхьа Шадрак, Мешак, Iабди-Нага а
паччахьо Бавел-махкахь даржехь лакхабехира.

### Набухди-Нецаран шолгIа гIан

31 «ХIара Набухди-Нецар-паччахьера кехат ду
дерриге а лаьтта тIехь дехаш долчу муьлххачу а
къаьмнийн а, халкъийн а, меттанийн а нахе.
Шу маьрша Iойла! 32 Лаьа суна Веза Воккхачу
Дала сайна тIехь гайтина долу инзаре гIуллакхаш а,
Iаламаташ а шуна дIахаийта.
33 Ма даккхий ду Цо гойту Iаламаташ,
ма нуьцкъала ду Цуьнан тамашийна гIуллакхаш!
Цуьнан пачхьалкх абаден пачхьалкх ю.
Цуьнан олалла тIаьхьенашкара тIаьхьенашка ду.
4 Со, Набухди-Нецар, аьтто а хуьлуш, сайн
паччахьийн гIишлошкахь паргIат вехаш вара.
2 Амма, со кхеравеш, суна гинчу гIено а, вижначохь
аса йинчу ойланаша а, суна дуьхьал хIуьттучу
суьрташа а синтем байира сан. 3 ТIаккха аса омра
дира, Бавел-махкара берриге а хьекъалалла дерш
схьабалабе аьлла, цаьрга сайна гинчу гIенан
маьIна тидийтархьама. 4 ХIетахь баьхкира
бозбунчаш а, эвлаяаш а, седа-жайна хьовсурш а,
палтуьйсурш а. Аса сайн гIан цаьрга дийцира,
амма царна ца хиира цуьнан маьIна. 5 ТIаьххьара а
безачу деланийн са † шеца долу, Бел-Ташацар цIе
йолу Даниал веара суна тIе. (И цIе сан делан цIарах
схьаяьлла ю.) Цуьнга дIадийцира аса сайн гIан:
6 „Бел-Ташацар! Бозбунчийн коьртаниг! Суна хаьа
хьоьца безачу деланийн †† са дуйла а, цхьа а
къайле йовза хьуна хала ца хуьлийла а. Кхетавехьа
со суна гIенах дуьхьалхIоьттинчу суьртах а, цуьнан
маьIнах а.
7 Вижначохь сан коьрта чохь дуьхьалхIиттина
суьрташ иштта дара: лаьтта юккъехь инзаре доккха
дитт гира суна. 8 И дитт доккха а, онда а дара,
стигала кхоччуш лекха а дара, дуьненан йистера
дуьйна гуш а дара. 9 ТIех хаза гIаш а, шортта
стоьмаш а, массарна тоъал юург а яра цунна тIехь.
Аренашкара дийнаташна цу диттана кIел IиндагI
карадора. Стигалшкара олхазарша цуьнан
гаьннашна юккъехь бенаш дора. Цуьнан стоьмаш
массо а са долчу хIумано дуура.
10 Со вижначохь сайна дуьхьалхIоьттинчу
суьртехь суна гира Делан уллора долу гIарол-малик
стигалшкара охьадуссуш. 11 Цо мохь тоьххна чIогIа
элира: ‘ХIара дитт дIахададе, цуьнан генаш а
хададе. Цунна тIера гIаш охьадегаде. Цуьнан
стоьмаш дIасакхийса. Цу диттан кIелхьара
дийнаташ дIайовлийта. Цуьнан гаьннашна тIера
олхазарш а дIадахийта. 12 Амма аьчкан а, цIестан а
буржалшца дIа а къовлий, цуьнан коьрта орам
лаьттан бухахь бита, аренийн бецашна юккъехь.
Стигаларчу тхине иза тIунбайта, ткъа цуьнан дахар
лаьттарчу бецашна а, дийнаташна а юкъахь
хилийта. 13 Цунна, адамийн кхетам дIа а баьккхина,
экхан кхетам лур бу. Цунна ворхI зама гур ю.
14 Далла уллора долчу гIарол-маликийн омрано
билгалдаьккхина а дара, Далла уллохь болчеран
кхелаца хIоттийна а дара, бехачарна
хаийтархьама, Веза Воккхачу Дала адамийн
пачхьалкхашкахь олалла дойла а, уьш Шена
луучунна Цо луш хилар а, адамашна юкъахь уггар а
ларамза волчунна царна тIехь олалла далар а’.
15 Иштта гIан гира суна, Набухди-Нецар-
паччахьна. Ткъа ахьа, Бел-Ташацар, цу гIенан
маьIна де, хIунда аьлча, сан пачхьалкхера цхьанна
а хьекъалалла долчунна ца хиира цуьнан маьIна
дан. Амма хьоьга иза далур ду, хьоьца безачу
деланийн ‡ са долу дела“».

### Даниала шолгIачу гIенан маьIна дар

16 «ТIаккха Бел-Ташацар цIе йолу Даниал цхьа хан
яллалц цецваьллачохь Iийра, ойланаша сагатдора
цуьнан. Къамел долош, паччахьо элира: „Бел-
Ташацар! Ахь са ма гатде и гIан бахьана долуш а,
цуьнан маьIнин бахьаненна а“.
Бел-Ташацара, жоп луш, элира: „Сан олахо! Хьо ца
везаш болчу мостагIашна хуьлийла цу гIенан
маьIна. 17 Хьуна гина долу доккха а, онда а дитт,
стигала кхаччалц лекха а дара, дуьненан йистера
дуьйна гуш а дара. 18 Цунна тIехь инзаре хаза гIаш
а дара, алссам стоьмаш а, массарна баа кхача а
бара. Цунна кIелахь аренгара дийнаташ Iара, ткъа
цуьнан гаьннашна юккъехь стигалшкара
олхазарша бенаш динера.
19 Хьуна гина дитт сийлахь вазвина а, чIагIвелла а
волу хьо, паччахь, ву. Хьан сийлалла, лакха а
даьлла, стигалшка хьалакхаьчна. Хьан олалла
дуьненан йисте кхаччалц ду. 20 Ткъа хьуна, ва
паччахь, Далла уллора стигалшкара вуссуш волу
гIарол-малик гира. Цо элира: ‘И дитт дIахададе,
хIаллакде, лаьттан бухахь цхьа коьрта орам бен ца
буьтуш. Аьчкан а, цIестан а буржалшца дIа а
къовлий, иза тIунбайта стигаларчу тхине, аренийн
дийнаташца хилийта цуьнан дахар, ворхI зама
цунна тIехула чекхъяллалц’, – бохург, 21 хIара ду
цуьнан маьIна, Веза Воккхачу Дала билгал а
даьккхина, хьуна, сан эла, паччахьна, хила
кечдинарг: 22 адамех хьо дIакъастор ву.
Дийнаташца хьан вахар хир ду. Старана санна,
бецаш яор ю хьуна. Стигаларчу тхино тIадор ву
хьо. ВорхI зама дIаер ю, адамийн пачхьалкхаш
тIехь олалла деш верг Веза Воккха Дела хиларх а,
уьш Цо Шена луъучунна луш хиларх а хьо кхетале.
23 Ткъа, диттан коьрта орам бита аьлла, динчу
омрано гойту, олалла стигалшкара хиларна хьо
къера хилча, хьан пачхьалкх юха а хьуна юьсург
хилар. 24 Цундела, паччахь, хуьлийла сан хьехам
хьуна диканна. Нийсо а лелаяй, хьайн къиношна

† Безачу деланийн са *– я иштта: *Везачу Делан Са.* †† Безачу деланийн *– я иштта: *Везачу Делан.*
‡ Безачу деланийн *– я иштта: *Везачу Делан.*

геч а дайта, къечаьрца къинхетаме а хилий, хьайн
харцонаш дIа а яха. ТIаккха хьан беркате хилар
дахдала мега“.
25 Набухди-Нецар-паччахьна тIехь и дерриг а
кхочушхилира. 26 Шийтта бутт хан яьлча, Бавел-
гIалахь, паччахьан гIишлойн шерачу тхов тIехь
лелаш, паччахьо элира: 27 „ХIара яц ткъа аса олалла
дечу хенахь сайн цIе яккхийтархьама, сайн
нуьцкъаллица сан пачхьалкхан цIа хилийта йина
йолу Бавел-гIала!“
28 И дешнаш аьлла а валале, паччахьна стигалара
аз хезира: „Паччахь Набухди-Нецар, хьоьга боху,
паччахьалла дIадели хьан! 29 Адамех дIакъастош ву
хьо. Аренгара дийнаташца вехар ву хьо.
Бежанашца бецаш яор ю хьуна. Адамийн
пачхьалкхаш тIехь олалла деш верг Веза Воккха
Дела хиларна а, уьш Шена луучунна Цо луш
хиларна а хьо къера хилале, ворхI зама ер ю“.
30 Набухди-Нецарна тIехь и дош цу сохьта
кхочушхилира. Адамех дIакъастийра иза. Бежано
санна, бецаш юура цо. Цуьнан дегI стигалара тхино
тIундора. Цуьнан чоьш дахделлера, аьрзун
пелагаш санна. Цуьнан, олхазаран санна, мIараш
яра».

### Набухди-Нецара Дела хаставар

31 «И денош дIадевлча, аса, Набухди-Нецара,
бIаьргаш стигала хьалахьажийра. Кхетам
меттахIоьттира сан. Веза Воккхачу Далла хастам а
бира ас, даим вехаш волу Дела ваз а вира ас.
Цуьнан олалла хедар доцу олалла ду.
Цуьнан паччахьалла тIаьхьенашкара
тIаьхьенашка ду.
32 ХIокху лаьтта тIехь долу адамийн дахар хIумма а
доцург ду.
Стигаларчу ницкъашна а, лаьтта тIехь бехачарна
тIехь а Шена луъург деш ву Иза.
Вац-кх цхьа а Цунна дуьхьало ян ницкъ болуш,
я „Ахь хIун дина?“ – аьлла, Цуьнга вистхила бакъо
йолуш.
33 Сан кхетам меттахIоьттинчу хенахь сан
пачхьалкхан сийлалла а, сан хьолалла а,
хьалхалера дарж а юхадирзира соьга. ТIаккха
карийра со суна гонах хиллачу элашна а, уллорчу
куьйгалхошна а. Со паччахьалла дан
юхаметтахIоттийра, сан сийлалла кхин а
лакхаделира.
34 ХIинца аса, Набухди-Нецара, ваз а во, лакха а
воккху стигалшкара Паччахь, сий а до Цуьнан.
Массо а Цо деш долу хIума нийса ду, ткъа дерриге а
Цуьнан некъаш бакъ ду. Дагца куралла ерш
охьатаIо Иза ницкъ болуш а ву».

### Белшацар-паччахьо хIоттийна той

5 Эзарнашкахь болчу шен уллорчу
куьйгалхошна доккха той хIоттийнера
Белшацар-паччахьо. Эзарнашкахь болчу
хьешашца цхьаьна чагIар мийлира цо. 2 ЧагIаро
вахийначу Белшацара шен дас, Набухди-Нецара,
Ярушалаймера Делан цIийнан чуьра араяьхна
еана йолу дашо а, дато а пхьегIаш чуяр тIедиллира,
царна чуьра шега а, шен уллорчу куьйгалхошка а,
шен зударшка а, шен гIарбашашка а маларш
мийлийтархьама. 3 ТIаккха Ярушалаймера Делан
цIийнера еана йолу и дашо пхьегIаш чуеара.
Цуьнан уллорчу куьйгалхоша а, цуьнан зударша а,
цуьнан гIарбашаша а царна чуьра маларш
мийлира. 4 ЧагIар а муьйлуш, деших а, детих а,
йоьзах а, эчигах а, дечигах а, тIулгах а бина болу
шайн деланаш базбора цара.
5 Оццу хенахь цIеххьана, пена чуьра схьадовлуш
санна, адаман куьйган пIелгаша, ара а девлла,
паччахьан цIа чохь къуьдана дуьхьал болчу пена
тIерачу кирана тIехь йозанаш деш гира паччахьна.
6 Юьхьа тIера хийцавелира иза. Ойланаша
хьовзийра иза. Цуьнан настарш малъелира, голаш,
бегош, вовшахбетталора. 7 ЧIогIа мохь туьйхира
паччахьо, бозбунчаш а, седа-жайна хьовсурш а,
палтуьйсурш а схьабалабе аьлла. Уьш чубалийча,
паччахьо Бавел-мехкан хьекъалалла долчаьрга
элира: «ХIара йоза деша а дешна, цуьнан маьIна
соьга дийцинчунна паччахьниг санна долу цIен
духар а лур ду, цуьнан коча дешин зIе а уллур ю.
Пачхьалкхехь даржехь кхоалгIаниг лоруш олахо а
вийр ву аса цунах». 8 Амма оцу чубаьхкинчу
хьекъалалла долчех цхьанна а и йоза деша а,
цуьнан маьIна дан а ца хиира. 9 Белшацар-
паччахьан чIогIа синтем байнера, цуьнан
юьхьсибат хийцаделлера, цуьнан уллора
куьйгалхой, шаьш хIун дан деза ца хууш, боьхнера.
10 Ткъа паччахьан нана, паччахьан а, цуьнан
уллорчу куьйгалхойн а къамелаш шена хазар
бахьана долуш, чуеара. Къамел долош, цо элира:
«Паччахь, вехийла хьо даим! Хьан ойланаша ма
хьийзавойла хьо, юьхьсибат ма хийцалойла хьан!
11 Шеца безачу деланийн са † долуш цхьа къонах ву
хьан пачхьалкхехь. Деланашкара †† долуш санна,
серло, хьекъал, хьекъалалла цуьнгахь карийнера,
хьан дас олалла динчу хенахь. ХIетахь хьан дас
Набухди-Нецар-паччахьо и къонах, бозбунчашна а,
эвлаяашна а, седа-жайна хьовсучарна а,
палтуьйсучарна а тIехь коьртаниг а вина,
дIахIоттийнера. И динера хьан дас ша паччахь
волуш, 12 цуьнгахь, паччахьо Бел-Ташацар аьлла
цIе хийцинчу оцу Даниалехь, къаьсттина дукха
кхетам, хаарш, хьекъал дара. ГIенаш дийца а, ца
кхетачун маьIна дан а, хала долу хIума
цхьалхадаккха а хаьара цунна. Цундела Даниал
схьавалавайта, тIаккха цо дуьйцур ду йозанан
маьIна».

---

† Безачу деланийн са *– я иштта: *Везачу Делан Са.* †† Деланашкара *– я иштта: *Делера.*

### Даниала йозанан маьIна дийцар

13 Даниал паччахьна тIевалийра. Паччахьо,
хаттар а деш, элира: «Хьо вуй сан дас, паччахьо,
ЯхIуд-махкара балийна йийсарехь болчу яхIудхойх
цхьаъ волу Даниал? 14 Хьоьца безачу деланийн са †
хиларх а, серло а, кхетам а, лаккхара хьекъалалла а
хьоьгахь карорах а лаьцна суна хезна. 15 ХIара
хьекъалалла дерш а, бозбунчаш а балийнера со
волчу, йоза дешийтархьама а, цуьнан маьIна соьга
дийцийтархьама а, амма царна суна иза дийца ца
хии. 16 Ткъа хьох лаьцна суна хезнера дуьйцуш,
маьIна дан а, хала долу хIума цхьалхадаккха а
хьуна хаьа аьлла. Делахь, хIара яздина долу йоза
деша а дешна, ахь цуьнан маьIна дахь, хьуна
паччахьниг санна долу цIен духар а тIедухур ду,
иштта дашо зIе хир ю хьан кочахь, цул сов, сан
пачхьалкхехь даржехь кхоалгIаниг а волуш, олахо
хир ву хьох!»
17 ТIаккха, паччахье жоп а луш, Даниала элира:
«Хьайн совгIаташ хьайна дита я кхечунна дIало,
ткъа яздина дерг ас паччахьна доьшур а ду, цуьнан
маьIна цунна дуьйцур а ду. 18 Ва паччахь! Веза
Воккхачу Дала хьан дена, Набухди-Нецарна, совгIат
а дина, паччахьалла а, возалла а, сийлалла а, цIе
яккхар а деллера. 19 Дала цунна елла йолчу
сийлаллех массо а къаьмнийн а, халкъийн а,
меттанийн а долу адамаш цунах кхералора,
озалора. Шена лиънарг воьра цо, шена лиънарг
дийна вуьтура цо. Шена лиънарг вазвора, шена
лиънарг кIезиг хоьтуьйтура. 20 Амма цуьнан дог
курадаьлча, синца иза тIех къиза дарвелча,
цуьнгара паччахьалла дIадаьккхира, цуьнан цIе
яккхар дайира. 21 Иза адамех дIахадийра. Цуьнан
дог дийнатийн дагах тарделира. Иза вехира
варрашца, старана санна, бецаш яайора цунна.
Стигалара тхино цуьнан дегI тIададора. Иштта
дара, Веза Воккхачу Дала адамийн пачхьалкхаш
тIехь олалла деш хиларх а, Цо Шена луъу
паччахьаш дIахIиттабарх а, Набухди-Нецар
кхетталц.
22 Амма ахьа, цуьнан кIанта Белшацара, и дерриге
а хуъушехь, Далла хьалха кIезиг ца хетийти хьо,
23 ткъа стигалшкара Везачу Элана дуьхьал а ваьлла,
Цуьнан ЦIенна чуьра пхьегIаш яийтира ахь. Ахьа а,
хьан уллорчу куьйгалхоша а, хьан зударша а, хьан
гIарбашаша а царна чуьра чагIар мийлира. ХIумма
а гуш, хезаш, хууш боцу дато а, дашо а, йоьзан а,
аьчкан а, дечиган а, тIулган деланаш ахь, базбеш,
хастийра. Ткъа хьан садеIар а, ахь мел боккху ког а
карахь волчу Делан ахь сий ца дира. 24 Цундела
даийтина Делера и куьг а, яздина хIара йоза а.
25 ХIара ду яздинарг: „МАНЕЙ, МАНЕЙ, ТАКХЕЛ,
УПАРСИН“ ††. 26 Цу дешнийн маьIна хIара ду:
„МАНЕЙ“ бохург – хьуна паччахьалла дан Ша делла
денош, дагар а дина, Дала чекхдаьхна бохург ду.
27 „ТАКХЕЛ“ – хьо, Делан терзана тIехь оьзча,
буьззина мах боцуш карийна бохург ду.
28 „УПАРСИН“ – хьан пачхьалкх, екъа а екъна,
мадайхошна а, парсихошна а дIаелла бохург ду».
29 ТIаккха, Белшацаран омрица, Даниална, и
вазвеш, паччахьниг санна долу цIен духар а
тIекхоьллира, коча дашо зIе а оьллира, иза
пачхьалкхехь даржехь кхоалгIа олахо ву аьлла, дIа
а кхайкхийра. 30 Ткъа хашадхойн паччахь
Белшацар цу буссехь вийра. 31 Цул тIаьхьа
паччахьалла кхузткъе ши шо долчу мадайхойн
махкара Дари-Ваша цIе йолчу паччахьна
карадеара.

### Даниал лоьмашца ор чохь хилар

6 Пачхьалкхан массо а маьIIехь шен олалла
чIагIдан, Дари-Ваша-паччахьна бегIийла дара
шен пачхьалкхана тIехь цхьа бIе ткъа тхьамда
хIоттор. 2 Паччахьо оцу тхьамданашна тIе кхо эла
дIахIоттийра, царех цхьаъ Даниал а волуш. Цу
тхьамданашка пачхьалкхехь долу хьал элашка
дIадийцийтархьама а, шена болучу пайданах ца
валархьама а динера цо иза. 3 Даниал кхечу элел а,
тхьамданел а къаьсташ вара: цуьнгахь къаьсттина
тIех долу хьекъалалла дара.Ерриге а пачхьалкхана
тIехь иза коьртаниг а вина, дIахIотто дагадеанера
паччахьна. 4 Цундела пачхьалкхана тIехь урхалла
дарехь Даниал бехке ван бахьана лоьхуш бара
элий а, тхьамданаш а. Амма иза тешаме волу дела,
царна цхьа а бахьана ца карадора. Цуьнгара
цхьана а тайпанара ледарло ца йолура, цхьа а бехк
баккха хIума а ца нислора. 5 «Нагахь санна Даниал
шен динан парзаш кхочушдарца вай бехке ца вахь,
цунна дуьхьалдаккха вайна кхин бахьана карор
дац», – элира цу наха.
6 Цу элаша а, тхьамданаша а къайлаха барт бира
паччахьна тIебаха. Шаьш паччахь волчу баьхкича,
цуьнга иштта элира цара: «Дари-Ваша-паччахь!
Вехийла хьо даим! 7 Массо а элаша а, тхьамданаша
а, мехкан дайша а, хьехамчаша а, коьртачу
кхелахоша а, вовшашлахь барт бина хьоьгара
паччахьан омра далийта, ткъе итт дийнахь хьоьга,
паччахь воцучуьнга, цхьаьнгга а кхечу деле я
адаме дехар динарг лоьмашна даьккхинчу ор чу
кхосса аьлла. 8 И омра, цхьа а хийцамаш бан йиш
йоцуш хилар билгал а доккхуш, дIаязде. ТIаккха,
мадайхойн а, парсихойн а Iедалехь санна, и чIагIо
йохо йиш хир яц». 9 И омра, дIа а яздина, Дари-
Ваша-паччахьо тIечIагIдира. 10 Ткъа Даниал,
паччахьо и омра чIагIдинийла шена хиъча, шен
цIа чу вахара. Цуьнан лакха тIехь йолчу чоьнан
кораш Ярушалаймехьа дIадиллина дара.
ХIинццалц ша дийнахь кхузза ма-дарра, гора а
хIоьттина, шен Далла доIанаш а дина, Цунна
хастамаш бира Даниала.
11 Къайлаха барт а бина, Даниал тергалвеш
лелачу адамашна, Далла хьалха доIа а деш, шена

† *Безачу деланийн са *– я иштта: *Везачу Делан Са.** †† *Маней, маней, такхел, упарсин *– и бохург ду: *Дагардар, дагардар, озар, екъар.**

Делера гIо доьхуш, гира хIара. 12 ТIаккха паччахь
волчу а баьхкина, паччахье цо дина омра
дагадаийтира цара: «Хьо вац и омра чIагIдинарг,
муьлхха а стаг ткъе итт дийнахь, хьо воцучуьнга,
цхьанна а адаме я Деле дехар динарг лоьмашна
даькккхинчу ор чу кхосса аьлларг?»
Паччахьо жоп делира: «И дош чIагIо йолуш ду,
мадайхойн а, парсихойн а Iедал санна, цхьа а
хийцам бан йиш а йоцуш».
13 «Йийсарехь болчу яхIудхойх волчу Даниала, я
хьо, паччахь, я ахь чIагIбина болу сацам тергал ца
беш, дийнахь кхузза доIанаш до, гора а хIуттий» –
аьлла, дийцира цара паччахье.
14 И шена хезча, паччахьна чIогIа халахеттера.
Даниал кIелхьарваккха дагахь, малх бузале цунна
чIогIа гIо дан гIоьртира иза. 15 Амма цу наха,
цхьаьна а кхетта, чIогIа хьовзийра паччахь. Цара
бохура: «Хаа ду хьуна, паччахь, мадайхойн а,
парсихойн а Iедалехь цхьаьна а билгалдаккхаро я
сацамо паччахьо чIагIдинарг хийца йиш йоцийла».
16 ТIаккха паччахьо Даниал, шена тIе а
валавайтина, лоьмаш чохь долчу ор чу
кхоссийтира. Даниале паччахьо элира: «Гуттара а
ахь Шена Iибадат деш волчу хьан Дала хьо
кIелхьарвоккхур ву!» 17 ТIаккха, тIулг а беана, оран
бертиг дIакъевлира. Ткъа паччахьо иза шен а, шен
уллорчу куьйгалхойн а мухIарш тохарца
дIакъевлира, цхьана а стеган Даниалх бина болу
сацам хийца йиш ца хилийтархьама. 18 Цул тIаьхьа
паччахь, шен цIийнан гIишло чу а вахана, юург а
ца юуш, дIавижира, ур-атталла цхьана а тайпана
шен самукъадаккхар а ца магош. Амма наб яйнера
цуьнан. 19 Iуьйранна сатоссуш хьала а гIаьттина,
сихха лоьмийн орана тIевахара паччахь. 20 Орана
тIе а веана, иза латкъамечу озаца Даниале
кхайкхира: «Даниал! Дийна волчу Делан лай! Ахьа
Шена гуттара а Iибадат деш волчу хьан Деле
кIелхьарваккхавеллий хьо?»
21 ТIаккха Даниала паччахье элира: «Паччахь!
Вехийла хьо даим! 22 Сан Дала Шен *малик*
даийтина. Цу малико лоьмийн батош дIакъевлина.
Со Далла хьалха цIена волу дела, лоьмаша цхьа а
тайпана зен-зулам ца дина суна. Ткъа хьуна хьалха
а, паччахь, аса цхьа а тайпана зулам ца дина».
23 Паччахьна иза чIогIа хазахийтира. Ор чуьра
Даниал хьалаваккхийтира цо. Даниална тIехь цхьа
а тайпана хилла чов яцара, иза шен Делах тешаш
хилла дела. 24 Паччахьо омра дира, Даниал бехке
вина болу и нах а, церан береш а, церан зударий а,
схьа а балабай, ор чу кхийса аьлла. Орана буха а
кхачале, лоьмашна карабахара уьш. ТIаккха цара,
даьIахкаш а кегъеш, хIаллакбира уьш.
25 Цул тIаьхьа Дари-Ваша-паччахьо дуьнен чохь
дехаш долчу массо а къаьмнийн а, халкъийн а,
меттанийн а болчу нахе яздира:
«Шу маьрша дехийла! 26 Ас омра до, сан
пачхьалкхан массо а маьIIехь адамаш, кхерамах
дуьзна, дегадойла Даниалан Далла хьалха аьлла,
Иза дийна волу Дела хиларна а,
Цуьнан дахар даим долу дела а.
Делан пачхьалкх йохалур йоцуш ю.
Цуьнан олалла кхачалур доцуш ду.
27 Стигалахь а, лаьтта тIехь а тамашийна
гIуллакхаш а,
тамашийна билгалонаш а гойту,
паргIат а воккху,
кIелхьара а воккху Цо.
Лоьмийн ницкъах Даниал
ПаргIатваьkkхинарг а Иза ву».
28 Цул тIаьхьа Дари-Вашас паччахьалла динчу
заманчохь а, парсихойн Къуреша паччахьалла
динчу хенахь а, аьтто а хуьлуш, дика вехира
Даниал.

### ДуьхьалхIоьттинчу суьртехь диъ экха гар

**7** Бавел-мехкан [†] паччахьо Белшацара
куьйгалла дечу хьалхарчу шарахь Даниална
вижначохь гIенах суьрташ дуьхьалхIиттира.
ХIетахь и шена гина гIан, цуьнан маьIна а
дуьйцуш, дIаяздира Даниала. 2 Шен дийцар
дIадолош, цо яздинера: «Буьйсанна сайна
дуьхьалхIоьттинчу суьртехь стигалан еа а маьIIера
хьоькхучу мохо хIорд лестош гира суна. 3 [††]Цул
тIаьхьа хIорда чуьра, цхьаъ вукхунах тера а доцуш,
доккха диъ экха араделира. 4 [‡]Хьалхарниг лом
санна дара, амма аьрзунан санна тIемаш дара
цуьнан. Со хьийжира цуьнга, цуьнан тIемаш схьа а
даьхна, иза лаьттара хьалаайалц. И экха, адам
санна, ирахIоттийра. Цул тIаьхьа цунна адаман
кхетам белира.
5 Ченах тера а долуш, багарчу цергашна юкъахь
бисина кхо пIенда а болуш, цхьа агIо хьалаайина а
йолуш, шолгIа экха дара лаьтташ. „ХьалагIатта,
шортта жижиг даа!“ – бохура цуьнга.
6 Цул тIаьхьа цIоькъабергах тера долу кхин а цхьа
экха гира суна. Цуьнан букъ тIехь олхазарийн
санна биъ тIам бара. Цу экхан биъ корта а бара,
цунна делла олалла а дара.
7 [‡†]Цул тIаьхьа, къемате ирча а, чIогIа онда а
долуш, доьалгIа экха а гира суна буса
дуьхьалхIиттинчу суьрташкахь. Цуьнан, яккхий а
йолуш, аьчка цергаш яра. Цо шен мостагIий
дIакхоллура, ткъа йиснарг когашца хьошура. Иза
вукхарал къаьсташ а дара, цуьнан итт маIа а яра.
8 [‡‡]Со цу маIашка хьоьжуш вара. Цу хенахь оцу
маIашна юккъехула кхин а цхьа жимо маIа
хьалаелира, ткъа хьалхалера кхо маIа цунна
хьалхахь орамашца бухъехира. Цу маIана тIехь
бIаьргаш дара, адамийн санна а долуш, кура
къамел деш бага а яра».

† *Бавел-мехкан *– иза хашадхойн мохк бу.** †† *7:3 Довзийтинарг 13:1; 17:8.* ‡ *7:4-6 Довзийтинарг 13:2.* ‡† *7:7 Довзийтинарг 12:3; 13:1.* ‡‡ *7:8 Довзийтинарг 13:5, 6.*

### Хенарчу Къаночо кхел яр

9 †«Со хьоьжучу хенахь паччахьан гIанташ
дIахIиттийра. Цу гIантех цхьанна тIе Хенара Къано
охьахиира. Цуьнан духар, ло санна, кIайн дара,
ткъа Цуьнан коьртара месаш цIеначу кхакхана
тIера чоьш санна яра. Иза тIехиъна гIант цIеран
алу санна дара, цуьнан чкъургаш летта цIе яра.
10 ††И летта йогу цIе Цуьнан хьалх�хула, доьду хи
санна, арайолура. Багар а балур боцуш,
эзарнашкахь дукха бара Цунна хьалхара
гIуллакхаш дийраш. Эзарзза эзарнаш долу адамаш
дара Цунна хьалха лаьтташ. ТIаккха кхел йийраш
шайн болх боло охьахевшира, тептарш
дIаделладелира.
11 Со хьоьжуш лаьтташ, суна хезара цу маIо деш
долу кура къамелаш. Со хьоьжуш Iачу хенахь и
доьалгIа экха дийра, ткъа цуьнан дегI, кескаш а
йина, дагадан цIерга кхоьссира. 12 Ткъа кхечу
акхарошна, церан олалла дIа а даьккхина, кхидIа
яккха цхьа хан-зама а бен ца еллера.
13 ‡Буьйсанна сайна дуьхьалхIоьттинчу суьртехь
стигаларчу мархашца вогIу адамийн кIантах тера
цхьаъ гира суна. ТIекхаьчна ваьлча, иза Хенара
Къаночунна тIевигира. 14 ‡†Олалла а, сийлалла а,
паччахьалла а делира цунна. Массо а къаьмнийн а,
халкъийн а, меттанийн а болчу наха цунна Iибадат
дира. Цуьнан олалла хедар доцу олалла ду. Цуьнан
пачхьалкх цкъа а юхур яц».

### Гинчу суьртийн маьIна дар

15 «Коьртарчу суьрташа сан, Даниалан, дегIа
чуьра са карзах а даьккхира, синтем а байира.
16 Цигахь лаьттачех цхьанна тIе а вахана, хIокху
сайна гуш долчун ша ма-дарра нийса маьIна дар
дийхира ас. ТIаккха малико, маьIна а деш, дийцира
соьга: 17 „И доккха диъ экха – иза Лаьтта тIехь
хьалахIутту йолу йиъ пачхьалкх хир ю бохург ду.
18 ‡‡Цул тIаьхьа Веза Воккхачу Делан нехан
карадоьрзур ду паччахьалла. Цара *абаделлалц*
олалла а дийр ду“.
19 ТIаккха доьалгIачу экханах лаьцна бакъдерг хаа
лиира суна. И экха вукхарах тера доцуш, къемате
ирча дара. Аьчка цергаш а, цIестан мIараш а яра
цуьнан. Юуш, отуш, йиснарг когашца хьоьшуш
дара иза. 20 Цуьнан коьрта тIехь йолчу итт маIах а,
шена тIехь бIаьргаш долчу а, кура луьйш бага
йолчу а, вукхарал езо хетачу кхечу маIах а лаьцна
хаа лиира суна. И яра, шена хьалхара кхо маIа охьа
а йожош, керла яьлла маIа. 21 ‡‡†Цу маIо Веза
Воккхачу Делан нахаца тIом беш а, царна тIехь
толам боккхуш а гира суна, 22 ‡‡‡Хенара Къано
схьаваллалц. ТIаккха, Веза Воккхачу Дала кхел яр
дIаделира § Шен нехан кара. Цул тIаьхьа
паччахьалла Делан нахе кхочу хан тIееара.
23 МаьIна а деш, соьга иштта элира: „ДоьалгIа экха
– иза Лаьтта тIехь, массо а кхечу пачхьалкхех тера
а йоцуш, йоьалгIа пачхьалкх хир ю бохург ду.
Дерриге а Латта цу пачхьалкхо Iуьйшуш, хьоьшуш,
отуш хир ду. 24 §†Итт маIо гойту цу пачхьалкхера итт
паччахь вериг хилар. Царал тIаьхьа, царах тера а
воцуш, кхин цхьа паччахь вер ву. Цо царна юкъара
кхо паччахь охьатаIор ву. 25 §††Иза Веза Воккха Дела
емалвеш а хир ву, Веза Воккхачу Делан нахана
таIзар а дийр ду цо. Церан деза денош а, Iедал а
хийца гIертар ву иза. И нах цуьнан кара дIалур бу
зама а, заманаш а, ахзама а чекхъяллалц. 26 Цул
тIаьхьа охьаховшур бу кхел йийраш шайн болх
дIаболо. Олалла цуьнгара дIадоккхур ду иза
гуттаренна а хIаллакдархьама а, вохорхьама а.
27 §‡Ткъа паччахьалла а, олалла а, ерриге а стигална
кIел йолчу пачхьалкхийн сийлалла а дIалур ду Веза
Воккхачу Делан болчу нехан къоман кара. Делан
паччахьалла §‡† абаделлалц долу паччахьалла ду.
Массо а олахой Цунна §† Iибадат деш а, муьтIахь а
хир бу“.
28 Кху тIехь сан дийцар чекхдолу. Со, Даниал, сан
ойланаша чIогIа кхерийнера, со юьхь-басца а
хийцавеллера, амма и дийцар ас сайн даг чохь
латтийра».

### Коьмах а, божах а лаьцна сурт хIоттар

8 Суна, Даниална, Белшацар-паччахьо
паччахьалла динчу кхоалгIачу шарахь хьалха
дуьхьалхIоьттинчу суьртал тIаьхьа юха а
дуьхьалхIоьттира цхьа сурт. 2 Сайна
дуьхьалхIоьттинчу суьртехь пачхьалкхан Iейлам
олучу декъа тIера Шушан-гIалахь Улай-хин йистехь
со лаьтташ волуш гира суна. 3 БIаьргаш
хьалахьажийча, суна хIара сурт гира: хин йистехь
лаьтташ цхьа ка бара, цуьнан ши маIа яра. Ший а
маIа йоккха яра, амма цхьа маIа вукхул йоккхо а
яра, и йоккха маIа тIаьхьа хьалаяьлла а яра. 4 Цу
коьмо малхбузехьа а, къилбаседехьа а, къилбехьа
а маIаш Iуьттура. Цхьанна а экхане цунна дуьхьало
ца ялора, цхьа а цунах кIелхьара а ца далалора. Цо
шена луъург а дора, кураллаш а йора.
5 Со цу белхан ойла еш волчу хенахь,
малхбузехьара, сов сиха ярна, лаьттах ког а ца
кхеташ, цхьа бож яра йогIуш. Цу божан шина
бIаьрга юккъехь схьакъаьсташ гуш цхьа маIа яра.
6 Хин йистехь суна гиначу ши маIа йолчу коьмана
шен чIогIачу дераллица чухьаьдира и бож. 7 КхидIа
суна гира цу божо, дар а елла, цу коьмана тIе а

† *7:9 а: Довзийтинарг 20:4; б: Довзийтинарг 1:14.* †† *7:10 а: Довзийтинарг 5:11; б: Довзийтинарг 20:12.* ‡ *7:13 Маттай 24:30; 26:64; Марк 13:26; 14:62; Лака 21:27; Довзийтинарг 1:7, 13; 14:14.* ‡† *7:14 Довзийтинарг 11:15.* ‡‡ *7:18 Довзийтинарг 22:5.* ‡‡† *7:21 Довзийтинарг 13:7.* ‡‡‡ *7:22 Довзийтинарг 20:4.*

§ *...Дала кхел яр дIаделира Шен нехан кара *– я иштта: *...Дала Шен нахана уьш бехказабоху кхел йира.** §† *7:24 Довзийтинарг 17:12.* §†† *7:25 Довзийтинарг 12:14; 13:5, 6.* §‡ *7:27 а: Довзийтинарг 20:4; б: Довзийтинарг 22:5.* §‡† *Делан паччахьалла *– я иштта: *Цу къоман паччахьалла.** §† *Цунна *– я иштта: *цунна.**

кхетта, цунах лата а летта, иза эшош. Цуьнан ши
маIа йохийра цо. Цу коьман ницкъ ца тоьира
божана дуьхьал лата. Цу божо, тоьхна лаьтта а
божийна, хьаьшна дIабахийтира ка. Вацар-кх цхьа
а и ка цу божан карара кIелхьарбаккхалур волуш.
[8] Циггахь бож чIогIа кураелира, амма иза
чIагIъелла дIахIоьттича, цуьнан йоккхаха йолу
маIа кагъелира. Цуьнан метта, стигалара мох
хьоькхучу еа а агIор а йирзина, йиъ маIа тIеелира.
[9] Царах йолчу цхьана маIана тIе кхин цхьа жима
маIа елира. Иза къилбехьа а, малхбалехьа а,
«къаьсттина хазачу махкахьа» а чIогIа
дIасаяьржира. [10] †Стигаларчу ницкъашна тIелаттал
чIагI а елла, стигаларчу ницкъийн а, седарчийн а
цхьадолу дакъа лаьтта охьа а дожийна, хьийшира
цо. [11] Ур-атталла цу ницкъийн Элана а
дуьхьалъелира иза. Цунна хIора дийнахь сагIа
даккхар а дихкира цо, Цуьнан цIа а
сийсаздаьккхира цо. [12] Делан эскаро къинош
леторна тIера хIора дийнахь доккху сагIа
дIатесира. Билггал бакъдерг лаьтта тIе
охьатаIийра. Цу маIан ша мел дечунна тIехь аьтто
болура.
[13] Суна хезира цхьа *малик* цхьаьнга дистхуьлуш:
«Мел яхлур ю те хIора дийнахь доккхучу сагIанах а,
Далла вас еш долу къилахь хIуманаш лелорах а,
*Делан цIа* а, Делан эскар а когашца хьешарх а
лаьцна дуьхьалхIуттучу суьртехь юьйцу зама?»
[14] Суна хезира вукхо делла жоп: «Ши эзар кхо бIе
суьйре а, Iуьйре а яьлча, Делан цIа цIанлур ду».

### Джабраил-малико гинчу суьртан маьIна дар

[15] ХIара сурт суна гIенах дуьхьалхIоьттинчул
тIаьхьа, со, Даниал, цуьнан маьIна лоьхуш вара.
Ткъа цIеххьана суна хьалха стеган аматехь волу
цхьаъ дIахIоьттира. [16] ††ТIаккха Улай-хин тIера
адаман аз хезира суна. Цу озо, кхойкхуш, бохура:
«Джабраил-малик, кху суьртан маьIна дехьа
цунна!» [17] Цул тIаьхьа со лаьтташ волчу метте
тIевеара иза. И тIевеача, кхеравелла, бертал
охьавуьйжира со.
Цо элира соьга: «Хаалахь, адаман кIант, хIара сурт
дуьненан чаккхенан заманца дозуш дуйла!» [18] Иза
соьга вистхуьлучу хенахь, чохь са а доцуш, бертал
воьжна Iара со. Ткъа цо, соьга куьг а кховдийна, со
когаш тIе дIахIоттийра. [19] «ХIинца Делан
оьгIазлонан тIаьхьарчу деношкахь хиндерг
дуьйцур ду ас хьуна, дуьненан чаккхенан
билгалъяьккхинчу заманца иза дозуш долу дела, –
элира соьга малико. –
[20] Хьуна гина болу ши маIа йолу ка – уьш
мадайхойн а, парсихойн а паччахьаш бу. [21] Ткъа
хьуна гина йолу месала бож – иза грекийн паччахь
ву. Цуьнан бIаьргашна юккъехь йолу йоккха маIа –
иза цу грекийн дуьххьарлера паччахь ву. [22] И маIа
кагъелира, ткъа цуьнан метта кхин а йиъ маIа
тIеелира. Цу халкъах йиъ пачхьалкх хилла
дIахIуттур ю, амма, хIара санна, ницкъ болуш хир
яц уьш бохург ду иза.
[23] Ткъа церан паччахьалла чекхдолуш, уьш
кхоччуш къинош латийна бевллачу хенахь, эхь
доцу, тешнабехк барехь корматалла шегахь йолу
цхьа паччахь дIахIуттур ву. [24] Цуьнан ницкъ
чIагIлур бу, цуьнан шен ницкъаца и ца хилахь а.
Тамашийна бохамаш бан а, ша мел дечунна тIехь
аьтто хила а, онда ницкъ берш а, Делан халкъ а
хIаллакдан а ларош хир ву иза. [25] И паччахь
хьекъал долуш хиларна, тешнабехк барехь аьтто
хуьлуш хир ву. Цуьнан даг чу куралла южур ю.
ДIахьедар а ца деш, халкъашна юкъара
дукхахберш цо цIеххьана хIаллакбийр бу. Уггар а
лакхара волчу паччахьна дуьхьал вер ву иза, ткъа
иза хIаллакврийр ву, амма иза адаман карах хир
дац. [26] Суьйренех а, Iуьйренех а лаьцна хьуна
гинарг – иза билггал бакъ ду, ткъа ахьа и хьайна
гина сурт къайладаккхий дита, иза кестта
хиндолчух лаьцна доцу дела».
[27] Масийтта дийнахь гIора а дайна, цомгуш хилла
Iийра со, Даниал. Цул тIаьхьа а бен паччахьан
гIуллакхаш дан вола ца велира со.
ДуьхьалхIоьттинчу суьртах со цецваьллера, со
цунах ца кхетара.

### Даниала Исраилан халкъана тIера дина доIа

9 Мадайхойн тайпанара волчу Ахьаш-Варушан
кIант Дари-Ваша хашадхойн пачхьалкхана ‡
тIехь паччахь хIоьттира. [2] ‡†Цо паччахьалла дечу
хьалхарчу шарахь *Делан Йозанаш* толлуш хьесап
дича, со, Даниал, Везачу Эло Ярми-ЯхIу-пайхамаре
Ярушалайм-гIала кхузткъе итт шарахь бохам хилла
лаьттар ю аьллачу хенах кхийтира. [3] ТIаккха
доIанца, дехарца, *марха* кхабарца, сингаттаме
хилар гойту бедар юхарца, сайна тIе чим тасарца
ас сайн дог-ойла Хьалдолчу Далла тIеерзийра.
[4] Тхаьш летийначу къиношна къера а хуьлуш, ас
сайн Везачу Деле доIа дира.
Ас элира: «Доьху Хьоьга, Хьалдолу Дела! Хьо
сийлахь а, кхераме а ма ву! Хьайн весеташ
кхочушдеш болчаьрца Айхьа бина барт ларбо Ахь!
Хьо везаш болчарна Хьайн хедар боцу безам а ма
гойту Ахь!
[5] Къинош а летадора, харцонаш а лелайора,
хьарамдерг а леладора оха. Дуьхьал а девлла, Хьан
весеташна а, парзашна а тIерадевллера тхо. [6] Хьан
цIарах тхан паччахьашка, тхан элашка, тхан
дайшка, тхан дерриге а халкъе бистхуьлуш болчу
Хьан пайхамаршка ла ца дугIура оха. [7] Хьалдолу
Эла, Ахьа нийсо ма лелайо. Ткъа тхо, яхIудхой а,
Ярушалайм-гIалин бахархой а, массанхьа а бехаш
болу исраилхой а юьхьIаьржачу хIиттина. Тешаме
а ца хилла, Хьайх дIадерзаре терра, Ахьа
дIасалаьхкина тхо юххерчу а, генарчу а мехкашка.
[8] Ва Веза Эла! Тхан паччахьаш а, элий а, дай а

† 8:10 *Довзийтинарг 12:4.* †† *8:16 Лака 1:19, 26.*

‡ *Хашадхойн пачхьалкх *– иза Бавел-мохк бу.** ‡† *9:2 Ярми-ЯхIу 25:11; 29:10.*

юьхьIаьржачу хIиттина бу, оха Хьуна хьалха
къинош летийна дела. [9] Ткъа тхан Хьалдолу Дела
къинхетаме а ву, гечдеш а ву, Шена дуьхьал тхо
эргIаддевллехь а. [10] Шен леш болчу
пайхамаршкахула баийтина болу Цуьнан
хьехамаш кхочушбархьама, тхайн Везачу Делан
озе ла ца дугIура оха. [11] Дерриг а Исраилан халкъо
дIатеттира Хьан товрат-хьехамаш. Хьан озе ла а ца
дугIуш, иза дIадирзира Хьоьгахьара. Цундела вайх
неIалт а, сардам а бахана, цу Делан лай волчу
Муса-пайхамаро шен товрат-хьехамаш тIехь
язбина болу, хIунда аьлча Далла хьалхахь вай
къинош хьерчийна. [12] ТIаккха Дала кхочушдира
тхоьга а, тхан мехкан куьйгалхошка а аьлла долу
дешнаш. Цо тхуна тIе вуно боккха бохам баийтира.
Ярушалайм-гIалина тIехь хилларг цкъа а стигал
кIел хилла а дац. [13] Муса-пайхамаран товрат-
хьехамаш тIехь яздина ма-хиллара, бохам беана
тхуна тIе. Амма къинош леточуьра юха а доьрзуш,
Хьо тешаме хиларан терго а еш, оха ца лийхира
тхешан Веза Дела тхаьшна резахилийтар. [14] Везачу
Эло, нийса хан тIеяре а хьаьжна, вайна и бохам
бина, хIунда аьлча Ша деш долчу массо а
гIуллакхашна тIехь бакъ ву вайн Веза Дела, амма
вай ла ца дугIура Цуьнан озе.
[15] Ткъа хIинца, Хьалдолу Дела, Ахьа Хьайн ницкъ
болчу куьйгаца Хьайн халкъ Мисар-махкара
арадаьккхина. И дар бахьана долуш Ахьа
таханлера де тIекхаччалц хьалаайина Хьайн цIе.
Оха къинош а летийна, хьарамдерг а лелийна.
[16] Хьалдолу Эла! Хьайн йоллучу нийсонга
хьаьжжина, дIайоккхийла Ахь Хьайн оьгIазалла а,
links deralla а Хьайн Ярушалайм-гIалина тIера. Иза
Хьан гIала а, Ахь базбина лам а ма бу! Оха летийна
къинош а, тхан дайн талхар а бахьана долуш, гонах
болчара массара а Ярушалайм-гIалин а, Хьан
халкъан а сий дайина. [17] ХIинцца хазахьа, тхан
Дела, Хьайн лай волчун доIа а, даггара дехар а.
Хьайн дуьхьа, Хьалдолу Эла, резахиларца хьажахьа
дассийначу Хьайн дезачу цIийне. [18] Сан Дела!
ДIахазахьа, Хьайн лерг схьа а дерзадай, хьажахьа,
Хьайн бIаьргаш дIа а беллий, тхуна хиллачу бохаме
а, Хьан цIе йоккхуш йолчу гIалане а, хIунда аьлча
тхайн доIанаш до оха Хьуна хьалха, тхан бакъхилар
бахьана а доцуш, ткъа Хьан боккхачу къинхетаме
сатуьйсуш. [19] Хьалдолу Эла, дIахазахьа! Хьалдолу
Эла, гечдехьа! Хьалдолу Эла, тергам а бехьа,
гIуллакх а дехьа, Хьайн дуьхьа дIа ца тоьттуш, сан
Дела, хIунда аьлча Хьан цIе тиллина Хьан гIалина
а, Хьан халкъана а».
[20] Аса а, сан Исраилан халкъо а летийначу
къиношна со къера хилар дIадийцира ас доIанехь.
Сайн Делан ломах лаьцна дехар а дIаделхийра ас
сан Везачу Далла хьалха. [21] †Со доIа дина валаза а
волуш, суьйренан сагIа доккху хан гергга йолуш,
хьалха а сурт хIуттуш суна гина, адамах тера долу
Джабраил-малик, тIемадаьлла, сихха схьадеара.
[22] Со кхета а веш, соьца къамел а деш, цо элира:
«Даниал! Хьо кхеторхьама деана со хIинца. [23] Хьо
доIа дан волавелча, хьан доIанна жоп делира. Хьо
Далла везаш стаг волу дела, иза хьоьга дIакхайкхо
деана со. ХIинца оцу дешан духе а кхиа,
дуьхьалхIоьттинчу суьртах а кхета.
[24] Кхузткъе уьттазза ворхI-ворхI хан-зама
билгалъяьккхина хьан халкъана а, хьан езачу
гIалина а зуламаш чекхдаха а, харцонийн
чаккхенна тIе мухIар тоха а, къинош дIадаха а,
даим нийсо латтийта а, хIуьтту суьрташ а,
пайхамарша дийцинарш а чIагIдайта а, уггар
Дезаниг къобалдайта а ††. [25] Делахь, хаа а хаалахь,
кхета а кхеталахь: Ярушалайм-гIала меттахIотторах
лаьцна даьлла омрана тIера Дала къобалвинчу
баьччанна тIе кхачале, ворхIазза ворхI-ворхI хан-
зама а, кхузткъе шозза ворхI-ворхI хан-зама а ер ю.
ТIаккха меттахIоттор ю и гIала шен урамашца а,
чIагIонашца а, амма халачу хенашкахь хир ду иза.
[26] ТIаккха, и кхузткъе шозза йолу ворхI-ворхI хан-
зама яьлча, Дала къобалвинчун дахар хедар ду,
цунна дуьхьалдаккха хIумма а дацахь а ‡. Ткъа гIала
а, *Делан цIа* а вогIур волчу баьччанан халкъо
дохийна хир ду. ТIаьхье хир ю цуьнан, дистина
деанчу хин тIаьхье санна. Ткъа дуьненан чаккхе
тIекхаччалц тIом хир бу, билгалбаьхна болу
бохамаш а хуьлуш. [27] ‡‡Дукхахболчаьрца цу
баьччано цхьана ворхI хан-заманна барт чIагIбийр
бу. Цу ворхI заманан эханехь дийнаташ дагош сагIа
даккхар а, кхийолчу хIуманийн сагIа даккхар а
сацор ду цо. Ткъа Делан цIийнан уггар лекхачу
меттехь вас еш йолу къемате хIума дIахIоттор ю
цо, билгалъяьккхина йолу чаккхе шена
тIекхаччалц».

## Даниална Хьиддекхал-хин йистехь дуьхьалхIоьттина сурт

10 Парси-мехкан пачхахьо Къуреша
пачхахьалла дечу кхозлагIчу шарахь Бел-
Ташацар цIе йолчу Даниална Делера хаам хиллера.
И хаам бакъ а бара, ткъа цунах кхета чIогIа хала а
дара. ДуьхьалхIоьттинчу суьртехула Даниална
дIахоуьйтура цу хааман маьIна.
[2] Оцу деношкахь кхаа кIирнах гIайгIане воьжна
Iийра со, Даниал. [3] Тоьлла кхача ца буура ас. Жижиг
а, чагIар а ца дахара сан кийра. Кхо кIира
кхаччалц, дегIан цIано ярхьама хьожа йогIу
хьакхарш ца хьийкхира аса.
[4] Ткъа хьалхарчу беттан ткъе доьалгIачу дийнахь
Хьиддекхал олучу доккхачу хин йистехь лаьтташ
вара со. [5] ‡‡Хьалахьаьжча, суна хIара сурт гира:
гатанан бедар а юьйхина, гIодаюккъе Упаз-
махкарчу деших дина доьхка а дихкина, цхьа стаг

† 9:21 Лака 1:19, 26.

†† *Уггар Дезаниг къобалдайта а *– я иштта: *уггар Везаниг къобалвайта а.** ‡ *Цунна дуьхьалдаккха хIумма а дацахь а *– я иштта: *цьунан хIумма а хир дац.** ‡† *9:27 Даниал 11:31; 12:11; Маттай 24:15; Марк 13:14.* ‡‡ *10:5, 6 Довзийтинарг 1:13-15; 2:18; 19:12.*

вара лаьтташ. 6 Цуьнан дегI, жовхIар санна, къегаш
дара. Цуьнан юьхь, стелахаьштиг санна, къегара.
БIаьргаш бара цуьнан богуш болу къуьданаш
санна. Цуьнан куьйгаш а, когаш а къегачу цIестан
суьртехь дара. Цуьнан къамел адамийн тобанан аз
санна дара. 7 Со, Даниал, воцучунна, цхьанна а и
дуьхьалхIоьттина сурт ца гира. Соьца хилла долчу
адамашна а ца гира и сурт, делахь а боккхачу
кхерамо дIалецира уьш, тIаккха дIаловчкъа
дIадевдира уьш. 8 Со цхьа висира. Оцу
дуьхьалхIоьттинчу Iаламат доккхачу суьрте
хьоьжура со. Сан гIора дайра, со докъан васте
вахара, сан ницкъ метта ца хIуттура. 9 ТIаккха
цуьнан дешнийн аз хезира суна. Цуьнан дешнийн
аз сайна ма-хеззина, Iада а вина, бертал а воьжна,
лаьтта тIехь Iуьллура со. 10 Цу хенахь, сан дегIе зуз
а доуьйтуш, сох цхьа куьг хьаkхаделча, сан голаш
тIе а, куьйгаш тIе а веаларахIоттийра со цу куьйго.
11 ТIаккха цу стага элира соьга: «Даниал, Далла
везаш волу стаг! ХIинца со хьайна тIеваийтина
дела, ас хьайга эр долчу дешнийн духе кхиалахь.
Хьайн когаш тIе нийса дIахIотта». Цо и дешнаш
сайга аьлча, вегош, хьалагIаьттира со.
12 ТIаккха цо соьга элира: «Ма кхера, Даниал.
Далла хьалха хьайн дог эсала а дина, хIокху хаамах
кхета гIерташ, ахь дина доIанаш дуьххьарлерчу
дийнахь дуьйна Далла дIахезна. Ахь дехна дела
веана † со. 13 ††Амма Парси-пачхьалкхана тIехь
олалла деш волу жинийн эла ткъе цхьана дийнахь
суна дуьхьало еш лаьттира. Ткъа коьртачу эла-
маликех цхьаъ долу Микаал-малик суна гIо дан
деара, со Парси-мехкан паччахьна уллохь хьевелла
‡ дела. 14 ХIинца хьан халкъах тIаьхьарчу
хенашкахь хIун хир ду аьлла, хьуна хаам бан веана
со, хIунда аьлча дуьхьалхIоьттина хьуна гина сурт
цу тIедогIу долчу деношца доьзна ду».
15 И дешнаш соьга цо олучу хенахь, мотт а сецна,
аса корта охьатаIийра. 16 Адамийн сибатехь волу
цхьаммо сан балдех куьг хьаькхира, тIаккха со,
бага а гIаттийна, къамел дан волавелира. Сайна
хьалха лаьтташ волчуьнга ас элира: «Эла!
ДуьхьалхIоьттинчу суьрто суна даийтинчу лазарша
сан гIора дIадаьkкхина. 17 Ткъа хьан лай волчу аса
хIара къамел муха дийр ду сан эла волчу хьоьца?
Дац-кх соьгахь гIора, са а ца даIало-кх соьга кхин».
18 ТIаккха оцу адамийн сибатехь волчо, юха а сох
куьг а Iоьттина, со чIагIвира. 19 Цо элира: «Ма
кхерало, Далла везаш волу стаг! Машар хуьлда
хьоьца. Доьналла долуш хила! ЧIагIло!»
Иза соьга вистхуьлучу хенахь со кхин а
чIагIвелира. ТIаккха ас дийхира: «Со чIагIвина ахь,
дийцахьа хIинца, эла».
20 Цо элира: «Хаьий хьуна, хIунда веана со хьо
волчу? Хаалахь, „бакъдолчун тептар“ тIехь
дIаяздина дерг хьоьга дIахаийта веана со.
Хьаххийначуьра аьлча, со хIинца Парси-мехкан
элаца тIом бан юхавоьрзур ву, ткъа цул тIаьхьа
грекахойн элан рагI кхочур ю. Цу тIе аьлча, шун эла
волу Микаал воцург, цхьа а вац-кх оцу элашна
дуьхьал аса бечу къийсамехь суна гIо дийр долуш.

11 Мадайхочо Дари-Вашас паччахьалла дечу
хьалхарчу шарахь со-суо лаьттира цунна гIо
деш а, иза Iалашвеш а».

### Къилбехьара а, къилбаседехьара а пачхьалкхех лаьцна

2 «ХIинца ас бакъдерг дIахоуьйту хьоьга: Парси-
махкахь кхин кхоъ паччахь вер ву. Цул тIаьхьа шен
боккхачу бахамца царал массарал а тоьлур ву
воьалгIаниг. Шен бахамца ша тIех чIагIвелча,
дерриг а халкъ грекийн пачхьалкхана дуьхьал
гIаттор ду цо.
3 ТIаккха цхьа турпал паччахь гучувер ву. Шена
луъург а деш, боккхачу ницкъаца олалла дийр ду
цо. 4 Ткъа и паччахь хилла дIахIоьттинчул тIаьхьа,
цуьнан пачхьалкх, йоха а йоьхна, дуьненан еа а
агIор екъалур ю. ТIаккха цуьнан тIаьхьенийн кара
гIур яц иза. Цуьнан пачхьалкх, екъа а елла,
хIокхарна а доцуш, кхечарна кхочур йолу дела, цу
пачхьалкхан, шен хьалха хилларг санна, ницкъ хир
бац.
5 ТIаккха къилбе-махкара ‡† паччахь чIагIлур ву,
ткъа цуьнан эскаран хьаькамех цхьаъ цул тоьлур
ву. Цул тIаьхьа цо олалла а дийр ду, цуьнан
олаллин ницкъ алсамо а хир бу. 6 Ткъа масех шо
даьлча, уьш, вовшех а ийна, цхьаъ хир бу. Къилбе-
махкарчу паччахьан йоI къилбаседе-мехкан
паччахье маре гIур ю, царна юкъахь нийса
юкъаметтигаш хилийтархьама. Амма и ницкъ
карахь латталур бац цуьнга, ткъа паччахьан
ницкъаш а латталур бац. Цу хенахь иза
хIаллакйийр ю – иза а, цуьнан уллорнаш а, цуьнан
да ‡‡ а, цунна гIо дийраш а. 7 Амма цуьнан цIерачех
цхьаъ, церан эскарна тIе а летта, къилбаседе-
махкарчу паччахьан гIалин гIопах чекх а ваьлла,
къовсавелча, тоьлур а ву, чIагIлур а ву. 8 Ур-атталла
церан деланаш болу цIуш, шайн езачу дато а, дашо
а йолчу пхьегIашца ййисаре Мисар-махка дIахьур
бу цо. ТIаккха масех шарахь, къилбаседе-махкарчу
паччахьал лакхара а волуш, лаьттар ву иза.
9 Къилбаседе-махкара паччахь къилбехьарчу
пачхьалкхана тIелетар ву, амма, эша а вина, шен
махка юхавоьрзур ву.
10 ТIаккха цуьнан кIенташа караоьцур ду герз.
Цара цхьаьнатухур ду Iаламат доккха эскар. Иза,
дистина хи санна, сихха дахана, чекх а даьлла,
юхадоьрзур ду. КIенташа тIом бийр бу мостагIийн
гIалин гIопана тIекхаччалц. 11 ТIаккха къилбе-
махкара паччахь чIогIа карзахвер ву. Цо, тIе а
летта, къилбаседе-махкара паччахьца тIом бийр
бу. Къилбаседе-махкара паччахьо вуно доккха

† *Веана со *– я иштта: *деана со.** †† 10:13, 21 *Довзийтинарг 12:7.* ‡ *Хьевелла *– я иштта: *хьеделла.**

‡† *Къилбе-мохк *– борхIалгIачу аятара кхета мега, иза Мисар-мохк буй.** ‡‡ *Цуьнан да *– цхьадолчу ширачу гочдарш тIехь: *цуьнан кIант.**

эскар арадоккхур ду, амма и эскар къилбе-
махкарчу паччахьан кара гӀур ду. 12 И эскар
эшийначул тӀаьхьа, къилбе-махкарчу паччахьан
даг чу куралла юссур ю. Цо хӀаллакдийр ду эзарнаш
адамаш, амма цуьнан ницкъ дукха лаьттар бац.
13 Къилбаседе-махкара паччахь юхавоьрзур ву.
Цо хьалхалерачул а доккха эскар вовшахтухур ду.
Масех шо даьлча, кхин а доккхачу эскарца а,
тӀеман шорттачу гӀирсашца а иза сихха схьавогӀур
ву. 14 Цу хенахь дукхахберш къилбе-махкарчу
паччахьна дуьхьалбевр бу. ДуьхьалхӀоьттина сурт
кхочушхилийта, къилберачу паччахьна
дуьхьалбевр бу хьан халкъара цхьаболу зуламхой,
амма уьш хӀаллакьхир бу. 15 Делахь а, къилбаседе-
махкара паччахь схьавеача, дуьхьалонаш а
хӀиттийна, шен дола йоккхур ю цо чӀагӀйина йолу
гӀала. Къилбехьарчаьрга цунна дуьхьало ялур яц,
ур-атталла церан къастийна долчу эскарийн а
дуьхьало ян ницкъ кхочур бац. 16 Цунна дуьхьал
ваьлларг а цуьнан лаамца лелар ву. Латталур вац,
ца вужуш, цунна хьалха цхьа а. Цу „къаьсттина
хаза болчу махкахь“ шен толаман *меттамотт* цо
дӀахӀоттийча, и мохк хӀаллакбар цуьнан карахь хир
ду.
17 Шен пачхьалкхан мел болчу ницкъаца чу а
вахана, къилбе-махкарчу паччахьца барт бан ойла
хир ю къилбаседерачу паччахьан. Цо иза дийр а
ду. Шена дагадеанарг кхочушдархьама шен йоӀ
йохуьйтур ю цо хӀаллакьхила къилбе-махкарчу
паччахье. Ткъа цуьнан дагалацам кхочуш а хир
бац, цунах цунна кхиам а хир бац. 18 Цул тӀаьхьа
хӀордаца доза долчу пачхьалкхашна тӀевоьрзур ву
и. Царах дукхахъерш цо шен дола йохур ю. Амма
цхьана баьччано сацор ду шайна тӀе эхь даийтар.
Цо иза юьхьӀаьржачу хӀоттор ву. 19 ТӀаккха юьхь
ерзор ю цо шен мехкан чӀагӀонаш тӀе, амма, таса а
велла, вужур а ву, хӀаллак а хир ву иза.
20 Цуьнан метта цхьа кхиверг дӀахӀуттур ву.
Пачхьалкхан сийлалла латто ял гулъеш верг
вохуьйтур ву цо. Амма иза, оьгӀазаллах а доцуш,
тӀамехь а доцуш, дукха хан ялале хӀаллакьхир ву.
21 Цуьнан метта дӀахӀуттур ву шех дог
доккхуьйтуш верг, паччахьан санна, сий дийр дац
цуьнан, амма иза гӀар-тата доцуш вогӀур а ву,
мекарлонца цо и паччахьалла шен дола доккхур а
ду. 22 Дерриг а латта дузуш, дукха долу мостагӀийн
цӀоз, дистинчу хино дӀадаьхьча санна, хӀаллакдийр
ду цо, бертан баьчча † а тӀехь. 23 Ткъа кхечу
паччахьашца ша барт бинчул тӀаьхьа уьш лебеш
лелар ву и, лаккха а вер ву, шен кӀеззигчу халкъаца
тоьлур а ву. 24 Машаре, беркате долчу мехкашна
чувер ву иза. Цкъа а шен дайша а, шен дедайша а
ца динарг дийр ду цо. Караеана хӀонс а, схьаяьхна
хӀуманаш а, бахам а шена тӀаьхьахӀиттинчарна
юкъахь боькъур бу цо. ГӀепаш схьаяха ойланаш а
йийр ю цо, амма иза цхьа хан тӀекхаччалц хир ду.
25 Цул тӀаьхьа шен боллу ницкъ а, майралла а
Ӏаламат доккхачу эскарца къилбе-махкара
паччахьна дуьхьалдоккхур ду цо. ТӀаккха къилбе-
махкара паччахь юха а цуьнан эскарал а доккхачу
эскарца дуьхьалвер ву, амма тоьлур вац, цунна
ямартло йийр йолу дела. 26 Цуьнца цхьана шуьне
хуьйшу нах а иза хӀаллакван гӀертар бу. ТӀаккха
цуьнан эскар дӀасадаьржар ду, дуккха а байинарш а
хир бу. 27 Цу шина а паччахьан даг чохь ямартло
хир ю. Цхьаьна барт бан хевшинчохь а аьшпаш
буттур бу цара, амма толам хир бац церан, хӀунда
аьлча чаккхе цхьана ханна дӀатеттина йолу дела.
28 ТӀаккха къилбаседе-махкара паччахь шорттачу
бахамца а, мостагӀчун ойланца а, Дала шеца барт
бинчу халкъана дуьхьалвала шен махка ваха
новкъа вер ву. Цо иза кхочуш а дийр ду, шен махка
юха а воьрзур ву.
29 Билгалъяьккхинчу хенахь иза юха къилбехьа
гӀур ву. Амма цу вахаран жамӀ хьалхалераниг санна
хир дац, 30 хӀунда аьлча и воьддучу хенахь Хитам-
махкара †† хинкеманаш цунна дуьхьало ян догӀур
ду. ТӀаккха иза догдоьхна юхавоьрзур ву. Дала
шеца барт бинчу халкъана дарлур ву иза. Цо
кхочуш бийр бу шен лаам. Делаца биначу бартах
юхабевлларш лорур бу цо. 31 ‡Цуьнан эскархоша
*Делан цӀа* а, керт а бехйийр ю. ХӀора дийнахь сагӀа
даккхар а сацор ду, вас еш йолу къемате хӀума а
дӀахӀоттор ю цо, цунна Ӏибадат а дойтуш. 32 Делан
весеташна дуьхьалбевлларш мекарлонца шена
тӀеозор бу цо. Амма шайн Далла тешаме болчара
цунна чӀогӀа дуьхьало йийр ю. 33 Халкъана юкъарчу
кхетам болчара, шаьш туьрах а, цӀерах а, йийсарх
а, талорех а цхьайолчу ханна бала хьоьгур белахь
а, дукхахберш кхетор бу. 34 Шаьш бала хьоьгучу
хенахь царна жимма гӀо хир ду, тӀаккха дукхахберш
царах дӀауьйр бу, амма доггах хир дац иза.
35 Цхьаболчу хьекъал долчу наха, шаьш
бахчабалархьама, цӀанбархьама, кӀайбархьама,
баланаш хьоьгур бу чаккхенан хан тӀекхаччалц,
хӀунда аьлча билгалъяьккхина хан хӀинца а хир
йолуш ю.
36 ‡†Цу паччахьо шена луъург а, дагадеънарг а
дийр ду. Иза муьлххачу делал лакха а вер ву, кура а
вер ву. Деланашна тӀехь а Дела верг емал а веш,
луьйр ву иза. Делан оьгӀазло хиллалц иза тоьлур
ву, хӀунда аьлча билгалдаьккхинарг кхочушхир ду.
37 Шен ден деланаш цунна дагабогӀур бац. Цо лорур
вац зударша лоруш волу дела а, я муьлхха а
кхиволу дела а, ша массарел а лакхавоккхур волу
дела. 38 Бакъволчу Делан метта гӀепийн далла
Ӏамал йийр ю цо. Цкъа а шен дайшна вевзина
воцучу цу делан сий дийр ду цо дешица, детица,
дезачу тӀулгашца, тайп-тайпана механа езачу
хӀуманашца. 39 Иштта шен дайша ца лоручу делаца
хьалагӀоттур ву иза уггар чӀогӀачу гӀепашна

† *Бертан баьчча *– цу дешнийн маьӀна хила тарло: *динан коьрта да.**

†† *Хитам-махкара *– Грекийн гочдар тӀехь: *римхойн.** ‡ *11:31 Даниал 9:27; 12:11; Маттай 24:15; Марк 13:14.* ‡† *11:36 а: 2 Тассалникахошка 2:3, 4; б: Довзийтинарг 13:5, 6.*

дуьхьал. И дела тIеэцначеран кхин а алссам сий
дийр ду цо, цаьрга дукха нахана тIехь олалла а
дойтур ду, царна совгIатна латта а доькъур ду.
[40] ТIаьхьарчу хенахь къилбе-махкара паччахь
тасалур ву цуьнца. Ткъа къилбаседе-махкара
паччахь а шен гIудалкхашца, дошлошца, дуккха а
долчу шен хинкеманашца, буьрса дарц санна,
тIетатталур ву цунна. ТIаккха, дистина догIу хи
санна, мехкашна тIе а кхетта, царна тIехула
чекхвер ву иза. [41] ТIаккха мехкашна юкъара а
къаьсттина хаза болчу махкана чу вер ву иза.
Эзарнаш хIаллакьхир бу. Эдом-мохк, Муаби-мохк,
Iамминхойн коьрта дакъа а бен, цуьнан кара ца
доьдуш дуьсур дац. [42] Тайп-тайпанарчу мехкашна
тIе а куьг кховдор ду цо. КIелхьарбер бац Мисар-
мохк а. [43] Мисар-мехкан дашо а, дато а, механа еза
йолчу хIуманийн хазна а шен дола йоккхур ю цо.
Лива-мехкан бахархой а, *хушахой* а цунна
тIаьхьахIуьттур бу. [44] Амма малхбалехьара а,
къилбаседехьара а схьахезачу хабарша цуьнан
синтем бойур бу. ТIаккха шен нуьцкъалчу
дераллица дуккха а адамаш дайа а, хIаллакдан а
аравер ву иза. [45] ХIордана а, уггар хазачу а, безачу а
ламанна а юкъахь † шен паччахьаллин четарш
дIасадаржор ду цо. Амма шен хIаллакьхиларна
тIевогIур ву иза, цунна цхьаммо а гIо а дийр дац».

## Чаккхенан зама

12 ††«Оцу хенахь хьан халкъ Iалашдеш долу а,
сийлахь эла долу а Микаал-малик гучудер ду.
ТIаккха адамаш дуьнен чу девллачхьана, хIокху
ханна тIекхаччалц, цкъа а хилла йоцу хала хан
йогIур ю. Ткъа оцу хенахь хьан халкъана юкъара
берриг а Делан тептар тIе дIаязбина карор берш
кIелхьарбевр бу. [2] ‡ТIаккха лаьттара кешнаш чохь
бийшинчех дукхахберш денлур бу, цхьаберш даим
а Дела волчохь баха, ткъа вуьш гуттаренна а
сийсазбина а, сий дайина а хила. [3] Стигалара серло
санна, хьекъалнаш лепаш хир бу, ткъа дуккха а
адамаш бакъболчу новкъа тIе дерзийнарш а хир
бу, седарчий санна, лепаш гуттаренна а, массо
хенахь а.
[4] ‡†Ткъа ахьа, Даниала, хIара дешнаш къайладаха,
чаккхенан зама тIеяллалц кху тептарна мухIар а
тохий. Дукхахболчара иза доьшур ду, тIаккха хаарш
алсамдевр ду».
[5] Цул тIаьхьа со, Даниал, дIахьаьжира: кхин шиъ а
вара лаьтташ, цхьаъ хин хIокху йистехь, важа –
вукху йистехь. [6] Царах цхьаммо гатанан духарца
хиш тIехь лаьтташ волчу стаге ‡‡ хаьттира: «Маца
хир ю оцу инзаречу хиндолчийн чаккхе?» – аьлла.
[7] ‡‡†ТIаккха гатанан духарца хиш тIехь лаьттачу
стага аьтту а, аьрру а куьйгаш стигала а айина,
даим вехаш волчу Делах дуй а бууш, олуш хезира
суна: «Заманан а, заманийн а, заманан эханан
чаккхенгахь а ‡‡‡, Делан нехан ницкъ эшор
чекхдаьлча, хIара дерриг а чекхдер ду».
[8] Суна хезира иза, амма со ца кхийтира, цундела
ас хаьттира: «Сан эла! Цу дерригенан а чаккхе муха
хир ю те?» – аьлла.
[9] «ДIавало, Даниал. Чаккхенан зама яллалц,
мухIар а тоьхна, дIакъевлина ду и дешнаш, – элира
цо. – [10] §Дукхахберш цIанлур бу, кIайлур бу, лалор
бу уьш зерца. Зуламхой харцонаш еш хир бу.
Iесачех цхьа а кхетар вац кхунах, ткъа хьекъалнаш
кхетар бу.
[11] §†СагIа даккхар а сацийна, вас еш йолу къемате
хIума дIахIоттийначул тIаьхьа цхьа эзар ши бIе
дезткъе итт де дер ду. [12] Декъала ву цхьа эзар кхо
бIе ткъе пхийтта дийнахь ла а доьгIна, оцу хене
кхочун верг.
[13] Ткъа хьо чаккхенна тIегIо, вала а велла, гIоттур
ву хьо денойн чаккхенгахь хьайна догIург
схьаэца».

† *ХIордана а... ламанна а юкъахь *– я иштта: *Шина хIордана юкъахь... ломана уллохь.** †† *12:1 а: Довзийтинарг 12:7; б: Маттай 24:21; Марк 13:19; Довзийтинарг 7:14; 12:7.* ‡ *12:2 ЕшаI-ЯхIу 26:19; Маттай 25:46; Яхьъя 5:29.*

‡† *12:4 Довзийтинарг 22:10.* ‡‡ *...волчу стаге *– я иштта: *...долчу малике.** ‡‡† *12:7 а: Довзийтинарг 10:5; б: Довзийтинарг 12:14.* ‡‡‡ *Заманан а, заманийн а, заманан эханан чаккхенгахь а *– схьахетарехь, и ду: *кхо шой, ах шой.** § *12:10 Довзийтинарг 22:11.* §† *12:11 Даниал 9:27; 11:31; Маттай 24:15; Марк 13:14.*

# ХIушаI

### Дешхьалхе

ХIушаI-пайхамаро Делера кхайкхамаш бора Исраилан къилбаседерчу пачхьалкхехь, Iамос-пайхамар хиллачул тIаьхьа. ГIайгIанечу заманахь, Шамран-гIала йохале, ворхI бIе ткъе хьалхарчу шарахь, Iийса дуьнен тIе валале, хилла иза. ХIушаIан коьрта баланаш бара наха цIушна Iамалъярх лаьцна а, уьш Далла тешаме цахиларх лаьцна а. Тешаме йоцу зуда шен долахь а йолуш, цунах даьхначу дешнашца буьрсачу суьртехь ХIушаIа халкъан Деле болу цатешам гучубоккхура. Гомар цIе йолу цуьнан зуда цунна тешаме цахиларе терра, Делан халкъо а Веза Эла дIатесира. И бахьана долуш, Исраилан халкъана таIзар дийр дара. Делахь а Делан Шен халкъе болуш болу хедар боцу безам тIаьххьара а тоьлур бара. Дала Шен халкъ Шеца тойтур а дара, цуьнца йолу юкъаметтиг карлайоккхур а яра. И Делан безам хIокху дешнашкахь гуш бу: «Муха дIалур ду Аса хьо, Эпрайман халкъ? Муха дуьтур ду Аса хьо, Исраилан халкъ?.. Сан дог меттахдаьлла, мел болу къинхетам самабаьлла» (11:8).

1 [†]ЯхIуд-мехкан паччахьаша Iузи-ЯхIус а,
Йовтама а, Ахьаза а, Хьузакх-ЯхIус а, Исраил-
мехкан паччахьан Юашан кIант волчу ЯрбаIама а
паччахьалла динчу хенахь Беарин кIанте ХIушаIе
Везачу Элера хаам хилла.

### ХIушаI-пайхамарна хиллачух лаьцна

2 Везачу Эло, ХIушаIехула Исраилан халкъе Ша
вистхила волалуш, иштта элира:
«Вало, нахаца лела зуда ялае хьайна,
цунах деврг долу бераш схьаэца,
тешаме доцуш уьш хир делахь а,
хIунда аьлча хIара халкъ чIогIа зуламе даьлла,
кхечу деланашна тIаьхьа а хIоьттина,
Везачу Элах дIадирзина иза».
3 Вахана, ХIушаIа шена Диблайман йоI Гомар
ялийна. Берах а хилла, цо ХIушаIана кIант вина.
4 [††]Везачу Эло ХIушаIе элира: «КIантана, ИзраIал
алий, цIе тилла. Жимма хан яьлча, ИзраIалан тогIи
чохь цIий Iанор Аса дIадоьккхур ду ЯхIу-паччахьан
цIенна. Исраил-махкахь долу паччахьалла дохор ду
Аса. 5 Цу дийнахь ИзраIалан тогIи чохь исраилхойн
тIеман ницкъ бохор бу Аса».
6 Гомара, юха а берах а хилла, йоI йина. Везачу
Эло ХIушаIе элира: «Цунна, „Къинхетам цабинарг“
(Ло-Рухьама) алий, цIе тилла, хIунда аьлча
Исраилан халкъах Аса кхин къинхетам а бийр бац,
цунна геч а дийр дац. 7 Делахь а Аса ЯхIудан
халкъах къинхетам бийр бу. Церан Веза Дела волчу
Аса уьш, секхаIодаца а, туьраца а, тIамца а, дойшца
а, дошлошца а доцуш, кхечу кепара кIелхьарбохур
бу».
8 Ло-Рухьама екхачуьра дIаяьлча, Гомара, юха а
берах а хилла, кхин а цхьа кIант вина. 9 Везачу Эло
элира: «Цунна, „Сан халкъ дац“ (Ло-Iами) алий, цIе
тилла, хIунда аьлча шу Сан халкъ а дац, Со шун
Дела а вац.
10 [‡]Амма хинйолчу заманахь исраилхой, бусталур
боцуш а, багарбалур боцуш а, хIордан гIум санна,
шортта хир бу. „Шу сан халкъ дац“ – баьхначу
меттехь, „Шу дийна волчу Делан кIентий ду“, –
бохур ду цаьрга. 11 ТIаккха яхIудхой а, исраилхой а
цхьаьнакхетар а бу, шайна юха а куьйгалхо дIа а
хIоттор ву цара. Уьш шайн лаьттара хьалакхуьур
бу, хIунда аьлча ИзраIалан [‡†] де сийлахь хир ду!»
2 «Шайн вежаршна, „Сан халкъ“ (Iами) алий, цIе
тилла,
ткъа шайн йижаршна, „къинхетам бинарш“
(Рухьама) алий, цIе тилла».

### Везачу Эло Исраилан халкъана тIехь таIзар дар

2 «Кхел яйта шайн нанна,
жоьпе озаяйта иза!
Иза Сан зуда ма яц,
ткъа Со кхин цуьнан майра ма вац.
Шен сийсазлелар дита ала,
шен тешаме ца хилар сацаде ала.
3 Нагахь санна шен сийсазлелар цо ца дитахь,
цуьнан бедарш этIор ю Аса,

† *1:1 а: Сулим 15:1-7; 2 Шерашкахь 26:1-23; б: Сулим 15:32-38; 2 Шерашкахь 27:1-8; в: Сулим 16:1-20; 2 Шерашкахь 28:1-27; г: Сулим 18:1–20:21; 2 Шерашкахь 29:1–32:33; э: Сулим 14:23-29.* †† *1:4 Сулим 10:11.*

‡ *1:10 Римхошка 9:26.* ‡† *ИзраIал – *– иза «Дала дIадоь» бохург ду.**

нанас дуьнен чу йоккхуш ма-хиллара,
ерзина а якккхина.
Иза, яьсса аре санна, дIахIоттор ю Аса,
иза, декъа латта санна, йийр ю Аса,
хьагъярца хIаллакйийр ю.
4 Аса къинхетам бийр бац цуьнан берех,
тешаме доцу бераш уьш долу дела.
5 ХIунда аьлча церан нана тешаме яцара,
уьш дуьнен чу даьхнарг сийсаза лелара.
Цо ша а олура: „Сайн безаргашна тIаьххье дIагIур ю со,
цара суна бепиг а, хи а, тIаргIа а, вета а, даьтта а, маларш а луш долу дела“.
6 Цо ишттаниг лелорна, коканийн коьллашца Аса цуьнан некъ дIакъовлур бу,
цунна дуьхьал пен дIахIоттор бу, цунна некъ ца карабайтархьама.
7 Иза шен безаргашна тIаьхьауьдур ю, амма тIаьхьакхуьур яц.
Уьш лоьхур бу цо, амма карор бац цунна уьш.
ТIаккха эр ду цо: „Сайн дуьххьарлерчу майрачунна тIе дIагIур ю со.
Цуьнца долу дахар гIоле дара сан, хIинца чул“.
8 Цунна ца лаьа къобалдан
ялтий, чагIаррий, даьттий шена луш Верг Со хилар,
шен дети а, деши а алсамдаьккхинарг а Со хилар,
ткъа цо царах БаIал- *цIу* дIахIоттийна.
9 Ялта чудерзо хан тIекхаьчча, Аса юхадерзор ду Сайн ялта.
Кемсаш хилла яьлча, чагIар а схьадоккхур ду.
Аса цуьнгара схьабоккхур бу тIаргIа а, вета а,
цуьнан ерзина хилар къайладоккхуш хилла долу.
10 Иштта цуьнан дерзина дегI гучудоккхур ду Аса цуьнан безаргашна хьалха.
Сан карара цхьаьнгге а схьаяккхалур яц иза.
11 Аса сацор ду цуьнан мел долу сакъерадалар а,
шеран деза денош даздар а,
бутт цIинбаларан денош даздар а,
шоьтан денош ларар а –
дерриге а Везачу Элана лерина деза денош долу.
12 Аса яссор ю цуьнан кемсийн таьллангаш,
инжиран дитташ а дассор ду.
„Суна сан безаргаша луш долу алапа ду хIара“, –
олу цо царах лаьцна.
Аса царах акха боьлак йийр ю,
аренийн акхароша цоьстур йолу.
13 Аса таIзар дийр ду цунна,
БаIал-цIушна *хаза хьожа йогIу хIума* ягорна а,
шен чIагарш а, туьтеш а шена тIе а оьхкина,
шен безаргашна иза тIаьхьалеларна а.
Ткъа Со вицвинера цо», – боху Везачу Эло.

### Везачу Элан лаам бу Шен халкъ Шена юхадерзо

14 «Цундела Аса иза хьостур ма ю.
Яьссачу аренга иза дIа а йигина,
цуьнан дагна там беш дерг дуьйцур ду Аса.
15 Цигара ара а якккхина, аса цунна юхалур ю
цуьнан долахь хилла йолу кемсийн бошмаш.
Сингаттамца йоьзна йолу Iахур-тогIех
сатийсаран неI дIахIоттор ю Аса.
Цигахь эшарш лоькхур ю цо,
шен къоналлин деношкахь санна,
иза Мисар-махкара арайолучу хенахь».

### Везачу Эло Исраилан халкъ юхаметтахIоттор

16 Иштта боху Везачу Эло:
«Оцу дийнахь „сан майра“ эр ду ахь Сох,
кхидIа „сан БаIал“ † эр дац ахь Сох.
17 БаIалийн цIераш цуьнан багара дIайохур ю Аса,
церан цIераш кхин йохур яц цо.
18 Цу хенахь Аса барт бийр бу аренийн акхарошца,
стигаларчу олхазаршца, лаьттарчу текхаргашца.
Iаддий, туррий, тIоммий дIабоккхур бу Аса цу лаьтта тIера.
Кхерам а боцуш, баха буьтур бу Аса уьш.
19 Гуттаренна а Сайна тIеерзор ю Аса хьо.
Нийсо а, бакъдерг а,
хедар боцу безам а, къинхетам а баларца
Сайна ерзор ю Аса хьо.
20 Сайна тешаме хиларца тIеерзор Аса хьо,
Веза Эла волу Со тIаккха къобалвийр ву ахь.
21 Цу дийнахь иштта хир ду, –
боху Везачу Эло, –
Аса стигалан дехарна жоп лур ду,
цо а лаьттан дехарна жоп лур ду.
22 Ткъа ялтин а, чагIаран а, даьттанан а дехарна лаьтто жоп лур ду,
ткъа цара „ИзраIал“ – Дала дIадоь – аьлла, жоп лур ду.
23 ††Иза Аса Сайна лаьттахь дIаюьйр ю,
„Къинхетам ца биначух“ къинхетам бийр бу Аса.
„Сайн доцучу халкъе“ Аса эр ду: „Хьо Сан халкъ ду“.
Ткъа цо: „Хьо сан Дела ву!“ – эр ду».

### ХIушаI-пайхамарна хиллачух лаьцна

3 Везачу Эло соьга элира: «Вало, юха а еза хьайн зуда, иза кхечунна езахь а, иза сийсаза лелахь а. Еза и зуда, Везачу Элана исраилхой безаш хиларе терра – уьш кхечу деланашна тIе дIабирзинехь а, цу деланашна лерина йолу Iаьвдинчу кемсийн курсаш царна езахь а».
2 Аса сайна и зуда ялийра, пхийтта дато *шекхал*
ахча а, ворхI а, ах а гали мукх а белла. 3 Аса цуьнга
элира: «Со волчохь дуккха а денош даха. Суна тешаме йоцуш а ма хила, кхечу стагах а ма хьакхало, ткъа со хьох а хьакхалур вац». 4 Оццу
кепара исраилхоша дукха хан йоккхур ю шайн коьртехь я паччахь, я эла воцуш, я сагIанаш, я деланашна хIиттийна тIулгаш а доцуш, деланийн лаам билгалбаккхархьама я *ийпад*, я цIуш а боцуш.
5 Цул тIаьхьа исраилхой юха а боьрзур бу, шайн

† *БаIал *– Iебархойн маттахь иза «олахо» бохуш ду.** †† *2:23 Римхошка 9:25; 1 Кипин 2:10.*

Веза Дела а, Даудан тIаьхьенах волу шайн паччахь а лохур ву цара. ТIаьхьарчу деношкахь Везачу Элана хьалха ларамах а, Цуьнан диканах а буьзна хир бу уьш.

### Исраилан халкъан къинош а, цара хуьлуьйтург а

4 Ва исраилхой, ладогIал Везачу Элан даше!
Везачу Эло кху лаьтта тIерачу бахархошка иштта бехк боккху:
«Лаьтта тIехь тешаме хилар а дац,
безам а, Дела вовзар а дац.
2 Сардамаш дохкаррий, вовшийн ледаррий,
вовшийн хIаллакдаррий, къоланаш даррий,
марехь болчара ямартлонаш яррий тIехдукха даьржина адамашна юкъахь,
адамийн цIий Iенор а дац хедаш.
3 И хIума бахьана долуш хIара латта тийжар ду.
Лаьтта тIехь бехачу массеран а гIора довр ду.
Аренийн акхарой, стигалара олхазарш,
ур-атталла хIордан чIерий а хIаллакьхир ду.
4 Амма цхьа а стаг къийса ма ло,
цхьаммо а важа Iора ма ваккха,
хIунда аьлча хьан халкъ
динан дайшца къийсалуш берш санна ма ду.
5 Дийнахь галвер ву хьо, *динан да*,
ткъа хьоьца цхьаьна буьйсанна пайхамарш а галбевр бу.
Иштта хьан нана а дIасацор ю Аса.
6 Сан халкъ дIасацийна, Со къобал ца варна.
Со *къобалвар* ахь дIатесна дела,
ахь Суна, динан дас санна, гIуллакх дар Аса а дIатосур ду.
Дала белла *товрат-хьехам* ахь бицбина дела,
Аса а дицдийр ду хьан бераш».

### Исраилан халкъана кхел яр а, цуьнга дIахьедар дар а

7 «Динан дай дебаре терра, Суна дуьхьал долу церан къинош а алсамдуьйлуш ду.
Церан сийлалла сийсазалле ерзор ю Аса.
8 Сан халкъо даьхна къинан сагIанаш а дууш,
церан синош халкъо лелийначу харцонашна тIегIерта.
9 Халкъана хиндерриг хир ду динан дайшна а.
Цара дIакхоьхьучу некъе терра дийр ду Аса царна таIзар.
Церан гIуллакхашка хьаьжжина, Аса дIадоькхур ду царна.
10 Юур ю цара, амма бузур бац.
Сийсаза лелар бу уьш, амма дебар бац,
хIунда аьлча Веза Эла волчу Сох дIабирзина уьш,
11 Суна тешаме ца хилархьама, кхиболчу деланашца а лелаш.
Нахаца леларо а, чагIаро а –
иза шира я керла даьkkхина делахь а –
сан халкъан кхетам дIа ма оьцу!»

### Кхечу деланашца а, нахаца а леларна, Исраилан халкъ бехке хилар

12 «Сан халкъ дагадуьйлу шен дечиган цIунах,
ткъа гIожаца пал а туьйсуш, цунна жоп ло.
Цатешаме хиларан сино уьш тилийна.
Кхечу деланашна тIаьхьа а хIиттина,
Делах дIабирзина уьш.
13 Лаьмнийн баххьашкахь сагIанаш доху цара,
баьрзнаш тIехь *хаза хьожа йогIу хIума* а ягош,
ножан а, акхтарган а, попан а дитташна кIел,
оцу диттийн хаза IиндагI хуьлу дела.
И бахьана долуш шун йоIарша а кхахьпалла леладо,
ткъа шун несарий а нахаца лела.
14 Аса шун йоIаршна таIзар дийр дац цара кхахьпалла лелорна,
шун несаршна а таIзар дийр дац Аса уьш нахаца леларна.
ХIунда аьлча шу шаьш кхахьпанашца дIа а дуьйшу,
нахаца лелаш болчу „безачу“ зударшца † цхьаьна сагIанаш а доху аша.
Ткъа: „Кхетам боцу халкъ дакъаза ма долу!“»

### Исраилан халкъана кхел яр а, цуьнга дIахьедар дар а

15 «Ва Исраилан халкъ! Хьо кхахьпа санна лелахь а,
яхIудхоша ма летадахьара изза къа!
Шу Галгал-гIала а ма гIо,
Байт-Аван-гIала †† хьала а ма довла.
Ма баха, дуйнаш а бууш:
„Дийна волчу Везачу Элах чIагIо йо ас!“
16 ХIунда аьлча Исраилан халкъ,
аьрха эса санна, къар ца ло.
Цундела Везачу Эло дажор дуй те иза хIинца
шуьйрачу дежийлахь, уьстагIий санна?
17 Эпрайман халкъ ‡ цIуйх дIаийна даьлла:
бита и исраилхой шайн боьхачу леларехь!
18 ЧагIар мелла бевлча,
нахаца леларна тIе боьрзу уьш.
Шайн элаша лело сийсазалла
царна чIогIа ма деза.
19 Шен тIемаш тIехь мохо дIахьур бу уьш,
юьхьIаьржачу хIуьттур бу уьш,
шаьш цIушна Iибадат дина дела».

---

† *Нахаца лелаш йолу «еза» зуда *– и санна йолчу зудчуьнца лелар цIунна гIуллакх дар лорура. Кхечу къаьмнашна гергахь иза наха лоруш зуда яра. Цундела цунах «еза» олу.** †† *Байт-Аван-гIала *– иза «цIушна Iамалъяран цIа» бохург ду. Бакъду, иза Бетал-гIала яра. Ткъа иза «Делан цIа» бохург ду.** ‡ *Эпрайман халкъ *– кхузахь а, дерриг а ХIушаI-пайхамаран тептар тIехь а иза Исраилан къилбаседера пачхьалкх бохург ду.**

### Исраилан халкъан къинош а, цара хуьлуьйтург а

5 «ЛадогIа дуьйцучуьнга, динан дай!
Тидам бе, Исраилан халкъан цIийнах берш!
ДIахаза, паччахьан цIа!
Шун карахь ду нийсонца кхел яр –
иштта хIара кхел шуна дуьхьал йийр ю,
МицIпа-гIалахь шух кIело йина дела,
Табур-ломахь дIасаяржийна бой санна шу хилла дела.
2 Шитимехь акхарой лоцу ор кIорга аьхкина аша,
амма Аса шуна массарна а таIзар дийр ду.
3 Эпрайман халкъ а девза Суна,
Исраилан халкъо лелориг а ца даьлла Сох къайла.
ЦIушна Iамал а йина, Эпрайман халкъ сийсаза лелла,
цундела Исраилан халкъ Суна хьалха бехделла.
4 Цара мел лелийначу вочу гIуллакхаша
шайн Далла тIе ца боьрзуьйту уьш.
Цатешаме хиларан са церан дегнаш чохь хилла,
цундела Веза Эла царна ца вевзина.
5 Исраилан халкъан куралло цунна дуьхьал тоьшалла до.
Исраилан халкъ (цунах иштта Эпрайман халкъ а олу) галдер ду, цо харцонаш лелорна.
ЯхIудан халкъ а дужур ду цаьрца цхьаьна.
6 Уьш сагIина шайн уьстагIий а, стерчий а дахьаш,
Веза Эла лаха арабевр бу,
амма Иза царна карор вац.
Иза царах дIавирзина.
7 Цара къотIалгIа бераш а дина,
Везачу Элана ямартло йина.
Ткъа хIинца деза денош долчу керлачу батто
шайн кхашца цхьаьна цоьстур бу уьш».

### Исраилхоша а, яхIудхоша а летийначу къиношна до таIзар

8 «Коьман маIаца дIакхайкхаде ГебаI-гIалахь,
турбанца дIакхайкхаде Рама-гIалахь,
орца даккха Байт-Аван-гIалахь!
Бен-Яман, мостагIа хьуна тIаьхьа вогIуш ву!
9 Дала таIзар динначу дийнахь
Эпраймах яьсса аре хир ю.
Иштта Аса дIакхайкхийнарг а
шеко йоцуш хир ма ду!
10 ЯхIудан баьччанаш тарбелла лаьттан асанийн дозанаш дIасатоьттучарах.
Аса Сайн оьгIазло, тIехдаьлла хи санна, тIеIанор ю царна.
11 Эпрайм-мохк а кIелбитина,
шена йинчу кхело охьатаIийна иза,
цIушна тIаьххье цунна баха лиъна дела,
ткъа и цIуш кхелли санна ма бу.
12 Эпрайман халкъана неца санна хир ву Со,
ткъа ЯхIудан халкъана мекха хир ю Сох.
13 Эпраймана шен цамгар схьахиъначу хенахь а,
ЯхIудана шена хилла чов дIагиначу хенахь а,
Эпрайман халкъ Ашурехьа а дирзина,
сийлахьчу паччахьна тIе дехаре дахийтира.
Амма цуьнга шу цамгарх толур дац,
шун чевнна дарба а далур дац.
14 ХIунда аьлча Эпраймана Со лом санна хир ву,
ткъа ЯхIудана къона лом санна хир ву.
Со, уьш цеста а цистина, дIагIур ву,
Аса уьш Сайца дIахьур бу.
Цхьаммо а кIелхьарбохур бац уьш.
15 Со Сайн метте дIагIур ву,
шаьш бехке хиларх а кхетта,
Сан юьхь цара схьалаххалц.
Хала киртиг шайна тIехIоьттича,
Со леха уьш арабевр ма бу».

### Везачу Элана тIедерзаре шалхо йолу кхайкхам

6 Наха иштта боху:
«Дуьйло, вешан Везачу Элана тIедерза вай.
ХIунда аьлча Цо вай лаза а дина –
Цо вайна дарба а дийр ду.
Цо йина вайна чевнаш –
Цо уьш дIа а йоьхкур ю.
2 Цо ши де даьлча ден а дийр ду вай,
кхозлагIчу дийнахь ира а хIиттор ду.
ТIаккха дехар ду вай Цунна хьалхахь.
3 Веза Эла вовзий вайна.
Иза кхин а алсам вовза гIерта вай.
Цуьнан гучувалар, цIийъелла Iуьйре санна, билггала ду.
Керлачу дахарца вогIур ву Иза вай долчу, Iаьнан догIа санна,
бIаьста деанчу догIано латта тIадор санна».

### Исраилхоша а, яхIудхоша а летийначу къиношна до таIзар

4 Ткъа Везачу Эло боху:
«ХIун дийр дара те хьуна, Эпрайм?
ХIун де те хьуна, ЯхIудан халкъ?
Шун безам Iуьйранна хуьлу дохк санна а,
хьалххе дайна дIадолу тхи санна а ма бу.
5 Цундела пайхамарашкахула Аса шун дог дохадора.
Сайн багарчу дешнашца еттара Аса шуна.
Аса еш йолу кхел, схьакхета малх санна, билггала ю.
6 †Шу тешаме хилар деза ду Суна,
аша Сан дуьхьа дохучу сагIанел.
Шуна Дела вовзийла лаьа Суна,
Сан дуьхьа дийнаташ дагоран сагIанел.
7 Адам-гIала йолчохь санна ††, Исраилан халкъо а Соьца бина барт бохийна,
цигахь ямартло йина цара Суна.
8 ГалIад – Iесачийн гIала ма ю.
Цунна чохь йолу лараш цIийх юьзна ма ю.

† *6:6 Маттай 9:13; 12:7.* †† *Адам-гIала йолчохь санна *– я иштта: *Адамо санна.**

9 Динан дайн тоба тера ю
кIелонехь Iуьллуш йолчу талорхойн тобанах.
Шехеме † боьдучу новкъахь адамаш дойу.
Цара боьха мел дерг леладо.
10 Инзаре ирча хIума гина Суна
Исраилан халкъана юкъахь.
ЦIушна Iамал а йина, Эпрайман халкъ сийсаза лелла,
цундела Исраилан халкъ Далла хьалха бехделла.
11 Хьуна а, ЯхIудан халкъ, таIзаран ялта чудерзо хан билгалъяьккхина».

### Везачу Элана Шен халкъана гIо дан лаар а, халкъ Цуьнгахьара дIадерзар а

«Сайн халкъан аьтто бар Аса карладаьккхича,
7 Аса Исраил-махкана дарба лелийча,
Эпрайман халкъан къинош а,
Шамран-гIалин зуламаш а гучудовлу.
ХIунда аьлча цара харцонаш лелайо.
Къуй а бу лелаш.
Талорхой а бу гIалин урамашкахь талораш деш.
2 Царна дага а ца догIу
Суна церан зуламаш дерриг а дагахь хилар.
Шаьш динчу зуламаша хIинца го бина царна.
Церан къинош Суна хьалха ду.
3 Цара шайн зуламечу гIуллакхашца паччахьан самукъадоккху,
ткъа шайн мекарлонашца паччахьан гонах болчарна там бо.
4 Уьш массо а ямартлонех буьзна а, тешаме боцуш а бу.
Церан дералла, цIийййинчу пешан цIе санна, дуккха а ханна юьсу,
хьакхийна бод севсачу хенахь
бепиг доттучо пеш йогучуьра сацаяхь а.
5 Вайн паччахьан дезачу дийнахь
чагIар а муьйлий, элий бехий дIахIуьтту,
ткъа паччахьо Дела емалвечу нахе куьйгаш дIакхийдадо.
6 Питанаш а деш, цунна тIекхочу уьш.
Церан дегнаш пеш санна догу,
церан дералла сахиллалц сийсаш йогу,
ткъа Iуьйранна иза цIеяьлла алу санна хуьлу.
7 Уьш массо а оьгIазаллех кхехкаш бу.
Цара шайн куьйгалхой дIакхоллу.
Церан массо а паччахьаш тIекIел охьаэгна,
ткъа цхьа а стаг Соьга гIо доьхуш ца кхойкху».

### Везачу Элана тIедерзаран метта, Исраилан халкъ кхидолчу къаьмнашна тIедерзар

8 «Эпрайман халкъ вукху къаьмнех дIаэделла.
Иза буьйда дисинчу баьпках тера ду.
9 Хийрачу къаьмнех болчу наха цуьнан ницкъ дIаоьцу,
ткъа цунна иза ца хаало.
Къежделла Эпрайман халкъ,
амма иза ца кхета.
10 Массо а и бохамаш адамашна тIебаьхкина,
хIетте а шайн Везачу Далла тIе ца доьрзу уьш,
адамаша Цуьнга гIо а ца доьху.
Иштта Исраилан халкъан куралло а цунна дуьхьал тоьшалла до.
11 Эпрайман халкъ кхокханах тарделла,
иза сонта а, кхетам боцуш а ма ду!
Цуьнан халкъо Мисар-махке гIо доьху,
Ашур-махка гIо деха а доьду иза.
12 Уьш тIехбоьлхучу новкъахь Аса царна тIе Сайн бой тосур ю.
Стигалара олхазарш санна, Аса уьш охьабохкур бу.
Церан гуламе бечу хааме хьаьжжина уьш нисбийр бу Аса ††».

### Везачу Элана Шен халкъана гIо дан лаар а, халкъ Цуьнгахьара дIадерзар а

13 «Къа ду церан, Суна уьш генабевлла дела.
Уьш бохийна хир бу, шаьш Суна дуьхьалбевлла дела.
Аса уьш кIелхьарбохур бара,
ткъа цара Суна харцдерг дуьйцура.
14 Уьш цкъа а доггах ца кхойкху Соьга,
амма шайн меттанашкахь боьлхуш бу.
Шайн догIмашкахь шаьш хеда а деш,
Соьга доьху цара шайна кIа а, чагIар а далар.
Ткъа и дарца Сох дIабирзина уьш.
15 Уьш Нисбийриг а, царна ницкъ Лург а Со велахь а,
Суна дуьхьал зуламаш дан дагалецира цара.
16 Суна тIеберзаран метта, гIийлачу харцдалла тIебоьрзу уьш.
Шен пхарца гIокхана тIе ца кхочу тешам боцу секхаIад санна бу уьш.
Церан элий туьро хIаллакбийр бу,
шайн кIоршаме мотт бахьана долуш.
ТIаккха Мисаран халкъ доьлур ду царах».

### Исраилан халкъо шена бина цIуш бахьанехь цунна таIзар дийр ду

8 «Орца даккха, хьайн бете коьман маIа схьа а лаций!
Аьрзу санна, мостагIий Везачу Элан халкъана тIелета,
хIунда аьлча Соьца бина барт бохийра цара,
Аса бинчу товрат-хьехамашна дуьхьалбевлла уьш.
2 Цара Соьга шийла маьхьарий деттар ду:
„Сан Дела! Хьо тхуна вевза.
Тхо Исраилан халкъ ма ду!“ – бохуш.
3 Исраилан халкъ диканах дIадирзина.
МостагIа цунна тIаьхьа вер ву.

† *Шехеме *– Шехем-гIала Далла гIуллакх деш болу левихой беха меттиг яра.**

†† *Грекийн гочдар тIехь: *Цара динчу зуламе хьаьжжина Аса таIзар дийр ду царна.**

[4] Цара, Сох дага а ца бовлуш, паччахьаш шаьш дIахIиттабора.
Соьга а ца хоьттуш, элий а дIахIиттабора.
Шайн детих а, шайн деших а шайна цIуш бина цара,
амма оцу цIуйн хIаллакьхиларан Iалашонна бен хир дац иза.
[5] Шамранан бахархой, шун эса-цIу витина Аса!
Сан оьгIазло царна дуьхьал карзахъяьлла.
Уьш мел латта бохку те,
цIушна Iамалъярх цIанбелла боцуш?
[6] И цIу а – Исраилан халкъо дина хIума ду.
Иза суьрташ дечо ма вина,
цундела иза Дела ма вац.
Шамранан цIу долу эса дохор ма ду!»

## Кхечу къаьмнашца бинчу бартех лаьцна

[7] «Шаьш-шайна мох кхиийна дела,
цара дарц лахьор ду.
Кенаш доцучу кIенах
ялта кхуьур дац.
Нагахь санна ялта кхиънехьара,
хийрачу наха иза дIакхоллур дара.
[8] Исраилан халкъ дIакхаьллина яа хIума санна дIахIоьттира.
Кхечу къаьмнашна юкъахь иза пайденна йоцу пхьегIа санна хилира.
[9] Исраилан халкъ Ашур-махка дIадахара.
Виркхело шена лоьхуш йолу акха вир санна,
Эпрайма совгIаташ дарца безаргаш шегахьа бохура.
[10] Цара кхечу къаьмнашна тIе совгIаташ кхехьийтинехь а,
Аса уьш кестта схьагулбийр бу.
ТIаккха уьш гIелонехь хир бу
сийлахьчу паччахьан куьйгех.
[11] Бакъду, Эпрайма дуккха а къинах долу сагIа доккху меттигаш кечйина,
амма уьш цунна къа латоран меттигаш хилла дIахIиттина.
[12] Дуккха а Сайн товрат-хьехамаш Аса язбира цунна,
амма цо уьш шена хийра болуш санна лерина.
[13] Суна дийнаташ дайина сагIанаш а дохий,
оцу дийнатийн жижиг доу цара.
Везачу Элана тамехь дац иза.
Ткъа хIинца Везачу Эло тидам бийр бу цара динчу зуламийн,
цара летийна къинош бахьана долуш, Цо таIзар дийр ду:
уьш Мисар-махка юхаберзор бу».

## Исраилан халкъо Веза Эла вицвар

[14] «Исраилан халкъо паччахьан гIишлош дIахIиттийна,
ткъа ша ДIахIоттийнарг цо виц ма вина.
Амма Аса церан гIаланех цIе тосур ю,
ткъа оцу цIеро церан паччахьан гIишлош дIакхоллур ю».

## Кхечу къаьмнашца бинчу бартех лаьцна

9 Исраилан халкъ, кхидолу халкъаш санна,
хазахетар тIехдолуьйтуш доккха ма де.
Хьайн Делах дIа а дирзина, ахьа кхахьпалла леладора.
Кхахьпанан алапа хьуна дукхадезара
кIа оруш йолчу массо а хьаьттаршкахь.
[2] Хьаьттаро а, муттдоккхурго а
исраилхой бузор ма бац.
Кемсийн мутт царна тоьар ма дац.
[3] Уьш Везачу Элан лаьтта тIехь бехар бац:
эпраймхой а Мисар-махка юхабоьрзур бу,
цара Ашур-махкахь хьарамниг юур ю.
[4] Цара Везачу Элана чагIаран сагIа дуттур дац.
Иза резавархьама, дийнатийн сагIанаш даха церан таро хир яц.
Церан бепиг Везачу Элан цIа чу дахьа таро йоцу Дела,
иза Далла хьалха боьха хир ду,
и бепиг церан гайна бен кхача хир бац.
И бепиг диънарш массо а Далла хьалха боьха хир бу,
тезетахь дууш долу бепиг иза долуш санна.

## Исраилан халкъо шена бина цIуш бахьанехь цунна таIзар дийр ду

[5] ХIун дийр ду аша билгалдаькккхинчу дезачу дийнахь а,
Везачу Элана леринчу дезачу дийнахь а?
[6] Бохам болчуьра исраилхой дIагIахь а,
уьш Мисар-махко схьагулбийр бу.
Нуп-гIалин лаьттахь дIабухкур бу уьш.
Ниттийн дола евр ю церан детин хIуманаш.
Коканийн кIохцалш девр ду церан цIенош тIехь.
[7] †Дала таIзар дийр долу денош тIекхаьчна,
Везачу Эло хьакъ дерг дIалур долу денош тIекхаьчна.
ДIахоийла иза Исраилан халкъана!

## Бетал-гIалахь летийна къинош

«ХIара пайхамар сонта ву, – боху цара –
Делан Синах ша вуьзна моьттург хьекъалх ваьлла ву».
Делахь а шун мостагIалла алсамдаьлла,
аша дукха къинош летийна дела.
[8] Пайхамар сан Далла уллохь ву,
ткъа иза Эпрайман халкъан ха ду.
Олхазарш лецархочун речIанаш массо а некъаш тIехь дIахIиттийна ю,
ткъа мостагIалла ур-атталла цуьнан *Делан цIа* чохь а ду.

---

† *9:7 Лака 21:22.*

### ГебаI-гIалахь летийна къинош

9 †Кхоччуш телхина къинош ма летийна цара,
ГебаI-гIалахь хиллачу деношкахь санна ††.
Далла дагадогIур ду церан къинош.
Церан къинош бахьана долуш, царна таIзар дийр ду.

### БаIал-ПаIор-гIалахь летийна къинош

10 ‡Везачу Эло боху:
«Суна Исраилан халкъ схьакарийча,
яьссачу аренгахь кемсаш каро хан санна хилла иза.
Суна шун дай гича,
инжиран дитта тIехь хьалхе хуьлу дуьххьарлера инжир санна хилла иза.
Амма уьш БаIал-ПаIорна тIебахча,
сийсаза долчунна юкъаозабелира.
Иза а дина, шайна везавелла цIу санна, маьттаза бевлира уьш.
11 ТIемадаьлла олхазар санна,
дIадовр ду эпраймхойн сийлалла:
дуьнен чу бер а дер дац,
зуда берах а хир яц,
церан кийрахь бераш а кхуллур дац.
12 Цара шайн бераш кхиадахь а,
Аса уьш цаьргара схьадохур ду.
Ма доккха къа хир ду-кх церан
Со шайх дIавирзинчу дийнахь!
13 Цкъа Эпрайман халкъ гина Суна,
исбаьхьачу меттигехь дIайийна къона хурма санна,
ткъа хIинца цо шен бераш арадаха деза,
уьш дайъийтархьама.
14 Ва Веза Эла, бекхам бехьа царна!
Стенца царна хьакъдерг дала деза Ахь?
Лохьа царна бер ца хуьлу кийра а,
дакъаделла накхош а».

### Галгал-гIалахь летийна къинош

15 Везачу Эло боху:
«Цара мел деш долу зулам Галгал-гIалахь долийнера.
Суна циггахь ца дезаделира и халкъ.
Цуьнан зуламе гIуллакхаш бахьана долуш,
Аса и халкъ Со волчуьра эккхор ду.
Суна иза кхин дезар дац.
Цуьнан куьйгалхой берриш а аьрха бу.
16 Эпрайман халкъ охьатоьхначу диттах тера ду:
цуьнан орам бакъабелла,
цо кхин стом лур бац.
Ур-атталла цара бераш дахь а,
церан кийрара схьадевлларш хIаллакдийр ду Аса,
мел хьоме уьш царна делахь а».
17 Сан Дала дIатоттур ду и халкъ,
цо Шега ла ца доьгIна дела.
Къаьмнашна юкъахь кхерсташ,
доладелла лелар ду иза.

10 Исраилан халкъ токхе таьлланг санна дара,
рогI-рогIехь стом луш долу.
Шен стоьмаш а, ялта а алсамдаларе терра,
цIушна сагIа доккху меттигаш а алссам кечйора цо.
Шен лаьтто кхиийнарг совдаларе терра,
кхечу деланашна хIиттийна тIулгаш а алссам хаздора цо.
2 Исраилхойн дог мекарлонех дуьзна ду,
церан къиношна доггIург хIинца царна дийр ду.
Везачу Эло церан сагIа доккху меттигаш а хIаллакйийр ю,
церан цIушна дIахIиттийна тIулгаш а дохор ду.
3 Баккъалла а, кестта оцу халкъо эр ду:
«Вайн паччахь вац,
Везачу Элах вай ца кхийрина дела.
Паччахьо а хIун дийр дара вайна?»
4 Вайн паччахьаша даьсса къамелаш до,
харц а луьйш, чIагIонаш а йо,
пайда боцуш болу барташ а бо.
Нийса йоцу нийсо а хьалакхиайо,
аренан хершнаш тIе йолу дIаьвше буц санна.

### Байт-Аванехь летийна къинош

5 Шамран-гIалин бахархой Iадор бу,
Байт-Аванехь волу эса-цIу ‡† бахьана долуш.
Цуьнан халкъ цунна тийжар ду,
цунах баккхийбина болу харцдинан дай,
цуьнан сийлалла бахьана долуш, боьлхур бу,
и сийлалла халкъера дIаер йолу дела.
6 Цул сов, и эса-цIу Ашур-махка дIахьур ву
сийлахьчу паччахьна совгIатна.
Эпрайман халкъ а юьхьIаьржачу хIоттийна хир ду.
Исраилан халкъана шена, дечиган цIу бахьана долуш, эхь хетар ду.
7 Шамран-гIалара паччахь вовр ву,
хина тIехула хIутту маргIал санна.
8 ‡‡ХIаллакйина хир ю Авайнан
сагIа доккху лакхенаш –
Исраилан халкъан къинош.
СагIа доккхучу церан меттигаш тIе
кIохцалш а, яраш а евр ю.
ТIаккха халкъо эр ду лаьмнашка: «ДIахьулдейша тхо!»
Баьрзнашка а доьхур ду: «ТIеэгийша тхуна!» – бохуш.

---

† 9:9 Куьйгалхой 19:1-30. †† ГебаI-гIалахь Бен-Яманан тайпанах болчу цхьаболчу исраилхоша левихойн гIарбаш-зуда хьийзийра. Иза бахьана долуш исраилхой вовшашца тIом бан буьйлабелира. Цундела дуккха а бен-яманхой белира. ДIадеша «Куьйгалхой» цIе йолчу тептаран 19–21 кортош.* ‡ 9:10 Лелар 25:1-5.

‡† Эса-цIу *– ма-дарра аьлча, тептар тIехь «эсий» ду. Дукхадолчу ширачу гочдаршна тIехь «эса» ду.* ‡‡ 10:8 Лака 23:30; Довзийтинарг 6:16.

### ГебаI-гIалахь летийна къинош

9 †

Везачу Эло боху:
«ГебаI-гIалахь леточу хенахь дуьйна
ахь къинош летадо, ва Исраилан халкъ.
Къинош леточуьра ца севци уьш,
ГебаI-гIалахь тIом тIекхочур бу царна
сийсазаллех буьзначу оцу нахана дуьхьал.
10 Аса сацам бира царна таIзар дан.
Къаьмнаш царна дуьхьал а девр ду,
цара исраилхой боьхкур а бу,
цара дина шалха зуламаш бахьана долуш».

### Бетал-гIалахь летийна къинош

11 «Эпрайман халкъ караIамийна дуьхьарг санна
дара,
ялта арарх доккхадеш долу.
Цуьнан хаза ворта Аса кхоайина.
Амма Аса Эпрайман халкъана дукъ тIедуьллур ду,
ЯхIудан халкъо охана дан деза,
Исраилан †† халкъо мекха баккха беза.
12 ‡Шайн дегнаш чу нийсонан хIу таса,
тIаккха безаман ялта кхуьур ду шуна.
Керла латтанаш а дIааха,
хIунда аьлча Веза Эла лаха веза хан тIееана.
Ша веанчу дийнахь шуна тIе
нийсо, догIа санна, Цо тIеIанор ю.
13 Аша харцдолчун хIу а тосура,
зуламан ялта а хьоккхура,
мекарлонан стом а боура.
Шаьш дIакхоьхьучу некъах шу тешарна а,
шайн шортта болчу тIемалойх шу тешарна а,
14 тIеман гIовгIа ер ю хьан халкъана дуьхьал,
хьан массо а чIагIонаш йохийна хир ю,
тIеман дийнахь Шалман-паччахьо Байт-Арбел-
гIала йохийча санна,
шайн берашца наной хьаьшначу хенахь.
15 Изза дийр ду шуна, ва Беталан бахархой,
барам боцуш аша летийначу къиношна.

11 ‡†ТIом болабелча, воьхна хьийзар ву
Исраилан халкъан паччахь!»

### Везачу Эло юхаметтахIоттор ду Исраилан халкъ

«Къона долчу хенахь дуьйна дезара Суна
Исраилан халкъ.
Мисар-махкара аравалийтархьама
схьакхайкхина Аса Сайн кIанте.
2 Со ‡‡ цаьрга мел кхойкху,
уьш Суна генабовлура.
Цара БаIал-деланашна сагIанаш а дохура,
цIушна *хаза хьожа йогIу хIума* а ягайора.
3 Делахь а Аса-Айса Iамийнера эпраймхой когаш
тIе дIахIитта.
Сайн карахь лелабора Ас уьш.
Амма шайна дарбанаш лелориг Со хилар
къобалдан ца лаьара царна.
4 Адамийн дикаллин тIийрагашца Аса уьш
тIеийзабора,
безаман машшашца Аса уьш лелабора.
Церан вортана тIера дукъ хьалаойура Аса.
Охьа а таьIна, уьш кхобура Аса.
5 Уьш Мисар-махка юхабоьрзур-м бац те,
Ашур-мохк церан паччахь хилла дIахIуттур-м бац
те,
Соьгахьа юхаберза царна ца лиъна дела?
6 Церан гIаланашна тIе тур кхетар ду,
кевнийн хьоккхий а дохор ду оцу туьро,
нах а дIакхоллур бу, цара дагалаьцнарг бахьана
долуш.
7 Сан халкъ тешнабехк барна тIедирзина.
Веза Воккхачуьнга шаьш кхойкхуш белахь а,
Иза баккъалла а ваз ца во цара.
8 ‡‡†Муха дIалур ду Аса хьо, Эпрайман халкъ?
Муха дуьтур ду Аса хьо, Исраилан халкъ?
Удам-гIалина диннарг дийр ду те Аса хьуна?
Я Цхьабайма-гIалина диннарг дийр ду те?
Сан дог меттахдаьлла,
мел болу къинхетам самабаьлла.
9 ХIан-хIа, Сайн оьгIазе дералла кхочушйийр яц
Аса,
Сайна хетарг хуьйцур дац Аса, Эпрайман халкъ
хIаллакдийр дац.
Со – Дела ма ву, Со адам ма дац.
Хьуна юкъахь Со Везаниг ма ву!
Дераллица вогIур вац Со.
10 Уьш Везачу Элана тIаьхьахIуьттур бу.
Цо Шен аз, лоьмо санна, хозуьйтур ду.
ТIаккха, сих а луш, богIур бу
Цунна тIе малхбузера кIентий.
11 Сих а луш, юхабоьрзур бу уьш,
Мисар-махкара, схьадогIу олхазарш санна,
Ашур-махкара, схьадогIу кхокхарчий санна.
Ткъа Аса уьш шайн-шайн цIеношка охьаховшор
бу».
Иштта боху Везачу Эло.

### Къинош а, царах долу таIзарш а

12 «Эпраймхоша шайн аьшпашца го бина Суна.
Ткъа исраилхоша – мекарлонца бина.
ЯхIудан халкъ хIинца а Делаца лелаш ду,
Везачуьнца иза тешаме ду.

12 Эпрайман халкъ мох бажош ду,
дерриг а дийнахь малхбалерчу махана
тIаьхьадолу иза.
Ша лело харцонаш а, бохамаш а алсамбоху цо.
Ашур-махкаца барт а бо цо,
Мисар-махка зайтдаьтта дохьуьйту цо».
2 Везачу Эло ЯхIудан халкъе бехкаш доху.

† *10:9 Куьйгалхой 19:1-30.* †† *Исраил *– ма-дарра аьлча, тептар тIехь «Якъуб» дIаяздина ду. Иза Исраилан кхин цIе ю.** ‡ *10:12 Ярми-ЯхIу 4:3.* ‡† *11:1 Арадаккхар 4:22; Маттай 2:15.* ‡‡ *Iебархойн маттахь: *Уьш. *Грекийн гочдар тIехь: *Со.**

‡‡† *11:8 Карлабаьккхинарг 29:23.*

Якъубан тIаьхьенна таIзар дийр ду Цо,
церан некъашка хьаьжжина.
Царна дан догIург а дийр ду Цо,
церан гIуллакхашка хьаьжжина.
3 † ††Ненан кийрахь а волуш, шен вешин кIажа
лецира Якъуба.
Ткъа стаг а хилла ша дIахIоьттича, Делах летира
иза.
4 ‡Маликах а летта, кIел ца висира Якъуб.
Воьлхуш, шех къинхетам бар дийхира цо.
Беталахь иза карийра Далла,
цигахь цуьнга ‡† къамел дира Цо.
5 Иза массо а ницкъийн Веза Дела вара,
цIе, «Волуш Верг» аьлла, йоккхура Цуьнан.
6 Иштта шу, Якъубан тIаьхьенах дерш,
шайн Далла тIедерзийша!
Безамца лелийша, нийсо лелаейша,
шайн Деле даим сатийсийша!
7 Совдегар шен карахь нийса доцучу терзанца
нах лебеш хазахеташ ву.
8 Эпраймхоша а шаьш хестабо:
«Вай дукха дика даха хевшина,
вай шортта бахам гулбина.
Цхьаммо вайна бехк буьллийла дац
вай лелийначу къилахь долчунна», – бохуш.

### Веза Эла – КIелхьардохург хилар

9 ‡‡«Амма Со шун Веза Дела ву,
Мисар-махкара шу арадаьхна волу.
Аса юха а четарш чу даха охьаховшор ду шу,
яьссачу арахь шу долчу Со веанчу деношкахь
санна.
10 Со пайхамаршка вистхуьлура.
Ас дуьхьалхIуьтту суьрташ а алссам гойтура,
пайхамаршкахула хьекъале дустарш а
даладора».

### Веза Эла – Дела хилар

11 ГалIад-гIалахь нах цIушна Iамал еш буй?
Цуьнан бахархой баккъалла а цхьана а хIуманна
тIе кхочур бац.
Галгал-гIалахь наха эсий дойу.
Церан сагIа доккху меттигаш
кхен хершнашкахь гулдинчу
тIулгийн баьрзнаш санна хир ю.
12 ‡‡†Якъуб Арам-мехкан аренашка веддера.
Цигахь Исраила зудчун дуьхьа болх а бора,
зуда ялорхьама, жа а Iалашдора.
13 ‡‡‡Амма Везачу Эло пайхамаран гIоьнца
исраилхой Мисар-махкара арабехира.
Цо уьш Iалашбора пайхамарехула.
14 Эпрайман халкъо Веза Эла чIогIа
оьгIазвахийтина.
Iанийначу цIийна цуьнгара жоп доьхур ду Цо.
Цадашар Везачу Эло цунна дуьхьалдоккхур ду.

13 Эпрайман халкъ дистхилча, массо а
бегабора.
И халкъ лакхара лорура Исраилан халкъашна
юкъахь.
Амма, БаIална Iамал ян доладелча,
иза бехке а хилира, дала а делира.
2 Исраилхоша хIинца а шайн къинош совдоху.
Цара шайна лалийна цIуш бо.
Шайн детих говза йина хIуманаш бен яц уьш,
ерриш а куьпчичо кхоьллинарш бен яц.
Оцу нахах олуш ма ду:
«Эсашна сагIанаш дохучу наха
эсашна барташ боху!»
3 И бахьана долуш уьш Iуьйренан дохк санна а,
хьалххехь дIадолу тхи санна а хир бу,
хьаьттара мохо дIахьоькху ялтин нехаш санна а,
биргIанан чуьра хьалаболу кIур санна а.

### Веза Эла – КIелхьардохург хилар

4 Везачу Эло боху:
«Амма Со шун Веза Дела ву,
Мисар-махкара шу арадаьхна волу.
Со воцчунна, кхин цхьана а далла улло ма гIерта.
Со воцург, шу *кIелхьардохург* кхин цхьа а ма вац.
5 §Яьссачу аренгахь шуна уллохь хилларг §† Со ма
вара,
къаьсттина декъа долчу оцу лаьттахь.
6 Ас кхобучу хенахь, уьш буьзна бара.
Ткъа шаьш буьзча, церан дегнаш курадовлура.
Цундела цара Со вицвора.
7 И бахьана долуш Со лом санна хир ву царна.
Некъан йистехь кIелхиъна долу цIокъ санна,
кечлур ву Со.
8 КIорнех яьккхина ча санна, тIелетар ву Со царна.
Шена чохь дог долу церан накха этIор бу Аса.
Уьш, лоьмо санна, буур бу Аса.
Уьш цоьстур бу аренийн акхароша».

### Къинош а, царах схьадолу таIзарш а

9 «Аса хIаллакдийр ду хьо, Исраилан халкъ.
ТIаккха хьан гIо дийр ду хьуна? §††
10 §‡Мичахь ву хьан паччахь хIинца?
Цо хьо кIелхьардаккха ца дезара те?
Массо а хьан гIаланашкара хьан куьйгалхой
мичахь бу?
Царах лаьцна ма элира ахь: „Лохьа тхуна
паччахь а, хьаькамаш а!“
11 §‡†Аса паччахь велира хьуна Со
оьгIазвахханчохь,
ткъа, Со дарвелча, схьа а ваьккхира иза.
12 Эпрайман халкъан харцонаш схьагулйина ю,

† 12:3 Доладалар 25:26. †† 12:3, 4 Доладалар 32:24-26. ‡ 12:4 Доладалар 28:10-22. ‡† Грекийн гочдар тIехь: *цуьнга. *Iебархойн тептар тIехь: *тхоьга.* ‡‡ 12:9 Iамалъяр 23:42, 43. ‡‡† 12:12 Доладалар 29:1-20. ‡‡‡ 12:13 Арадаккхар 12:50, 51.

§ 13:5, 6 Карлабаькххинарг 8:11-17. §† Шуна уллохь хилларг *– Грекийн гочдар тIехь: *шу кхаьбнарг.* §†† Иштта грекийн гочдар тIехь ду. Iебархойн тептар тIехь: *Цо хIаллакдийр ду хьо, Исраилан халкъ, хьан гIо Соьгахь ма ду.* §‡ 13:10 Шамъал 8:5, 6. §‡† 13:11 а: Шамъал 10:17-24; б: Шамъал 15:26.

цуьнан къинош дIадехкина ду.
13 Бер дечу зудчун хуьлу лазарш тIедогIур ду
цунна.
Иза хьекъал доцу кIант ву.
Дуьнен чу вала хан тIееача,
ненан кийрара аравала цунна ца лаьа.
14 †Эхартан карара Аса уьш паргIатбохур буй те?
Iожаллех Аса уьш кIелхьарбохур буй те?
Iожалла, мичахь ду хьан уьнаш?
Эхарт, мичахь бу хьан бохам?
Айса динчунна Со дохковер вац!
15 Эпрайман халкъ кхидолчу Исраилан халкъашна
юкъахь дебнехь а,
малхбалера онда мох схьахьоькхур бу.
Везачу Элан мох яьссачу аренгара схьабогIур бу.
Эпрайман халкъан шовда дакъалур ду,
цуьнан хьоста а лекъар ду.
Оцу мохо талхор ду
*сайрана* чохь долу массо а деза сурсаташ.
14 Шамран-гIалане жоп доьхур ду,
иза шен Далла дуьхьалъяьлла дела.
Шамранхой туьро эгор бу.
Церан бераш хьоьшур ду,
берах болу зударий а цоьстур бу».

### Везачу Эло юхаметтахIоттор ду Исраилан халкъ

2 Исраилан халкъ! Юхадерзахьа хьайн Везачу
Далла тIе!
Хьан къиноша ма галдалийтина-кх хьо.
3 Шайца хIара дешнаш схьа а эций,
Везачу Элана юхадерзийша.
Иштта алийша Цуьнга:
«Гечдехьа тхан массо а къиношна,
тIеэцахьа тхан дохкодовларан доIа,
ткъа оха Хьуна хастамийн сагIанаш дохур ду.
4 Ашур-махке тхо кIелхьардахалур дац.
ТIеман динна тIе тхо кхин ховшур дац.
Тхан куьйгаша йинчу хIуманех оха кхин эр дац
„тхан деланаш“,
хIунда аьлча байлахь болчаьрга къинхетам
Хьоьгахь бен бац».
5 Везачу Эло иштта боху:
«Сайх дIаберзарх уьш тобийр бу Аса.
Сайн лаамца безалур бу Суна уьш,
Сан оьгIазалла царна тIера дIаяьлла дела.
6 Исраилан халкъана тхи хилла дIахIуттур ву Со.
Цо заза доккхур ду, петIамат-зезаго санна.
Ливанунан дитто санна, шен орамаш тосур ду цо.
7 Цуьнан зIийдагаш дIасаяьржар ю.
*Зайт-диттан* санна, хир ю цуьнан хазалла.
Ливанунан баганан диттах йогIург санна,
хаза хьожа йогIур ю цунах.
8 Юха а бирзина, цуьнан IиндагIехь Iийр бу уьш.
КIа санна, денлур бу уьш,
кемсийн таьлланг санна, хьалакхуьур бу,
Ливанунан чагIаран санна, церан хьожа хир ю.
9 Ва Эпрайман халкъ, цIушца Сан хIун бала бу?
Хьан доIанаш хезаш верг Со ма ву,
Хьо Iалашдийриг а Со ма ву,
сийна *зоьзан-дитт* санна ма ву Со,
Сох бен стоьмаш хир бац хьуна».

### Чаккхе

10 Мила ву хьекъале кху дерригенах кхета?
Мила ву кхетам болуш хIара дерриг а хаа?
Везачу Элан некъаш нийса ду.
Делаца берш оцу некъашца лела,
ткъа аьрха нах царна тIе оьгур бу.

† *13:14 1 Коринтхошка 15:55.*

# Юал

## Дешхьалхе

Юал-пайхамарх лаьцна кIеззиг бен хууш дац. Масала, иза маца вехаш хилла ца хаьа. Схьахетарехь, хIара тептар дIаяздина пхоьалгIачу я доьалгIачу бIешарахь, Дала леррина Къобалвинарг дуьнен чу валале, парсихойн пачхьалкх йолчу хенахь. Исраил-махка чу эскаррал дукха цIоз догIург хиларх а, цигахь йокъа лаьттарг хиларх а лаьцна дуьйцу Юала. И билгалонаш кхочушхиларехула цунна го, Везачу Элан де тIедогIург хилар. Цу дийнахь Везачу Эло таIзар дийр ду Шен нийсачу лаамна дуьхьалбевллачарна. Пайхамаро дуьйцу, Везачу Эло халкъе кхойкху, метта а долий, Далла тIедерза бохуш. Халкъо иза дахь, Везачу Эло ваIда до, Ша Шен Са массо а нахана тIе дохуьйтур ду аьлла – божарий а, я зударий а, къона берш а, я баккхий берш а уьш белахь а.

### ЦIазан тIелатар а, йокъа а

1 Патуалан кIанте Юале Везачу Элера хаам хилира.
2 ЛадогIа бохучуьнга, къаной!
Тидам бе, кху мехкан массо а бахархой!
Хиллий те хIара саннарг
шу я шун дай баьхначу деношкахь?
3 ДIахаийта хIара шайн берашка,
цаьрга а дIадийцийта церан берашка,
ткъа церан берашка – хинйолчу тIаьхьене.
4 ЦIазан хьалхарчу тобано диинчух диснарг
шолгIачу арданго дуура,
ткъа царах диснарг
кхоалгIачу арданго дуура,
ткъа царах диснарг
йоьалгIачу арданго чекхдоккхура.
5 Дастало, маларо дахийнарш, делха,
тийжа, массо а чагIар муьйлурш,
шайн багара иза дIадаьккхина дела!
6 †Сан лаьтта тIе нуьцкъала а,
барам боцуш дукха а цIазан эскар деана.
Цуьнан цергаш лоьман цергаш санна ю,
ткъа цуьнан мочхалш – стечу лоьман санна ю.
7 Цо Сан кемсийн таьллангаш а яссийна,
Сан инжиран дитташ а, дохийна,
дерзина а даьхна, дIакхиссина!
Церан гаьннаш а кIайделла.
8 Сингаттаман духар тIе а дуьйхина,
шен къоначу заманчохь дош деллачунна
йоьлху йоIстаг санна, делхийша!
9 ДIасецна Везачу Элан цIа чохь
кIен а, чагIаран а сагIа даккхар.
Тийжаш бу Везачу Элана
гIуллакх деш болу динан дай.
10 Дассийна кхаш,
доьлху латта,
ялта хIаллакдина,
кемсийн мутт дIалекъна,
*зайт-дитт* а маргIалдоьлла.
11 Эхьах дузийша, латталелорхой,
делхийша, кемсашлелорхой,
гIайгIане хилийша кIена а, мекхана а,
хIунда аьлча хIаллакьхилла кхаш тIехь ялта.
12 Якъаелла кемсийн таьлланг,
инжиран дитт а маргIалдоьлла.
Наран дитт а, хурмин дитт а, Iожан дитт а –
дерриге а дитташ дакъаделла аренгахь.
Цундела массо а адамийн
сакъерадалар а дIадаьлла.
13 Сингаттаман духар а духий, юкъ а ехкий, делха,
динан дай!
Тийжа, сагIа доккхучу кхерча тIехь гIуллакх
дийраш!
Схьадуьйла, сингаттаман духарш а духий,
буьйсанаш яха, сан Далла гIуллакх дийраш!
ХIунда аьлча шун *Делан цIа* чохь лелош дац
кIен а, чагIаран а сагIа даккхар.
14 ДIахIоттадейша Далла *марха* кхабар,
схьакхайкхийша халкъ динан гуламе,
схьакхайкхийша къаной а,
кху мехкан берриг а бахархой а
шайн Везачу Делан цIа долчу.
ГIо доьхуш кхайкхийша,
кхайкхийша Везачу Эле!

### Везачу Эло кхел ен де

15 ††ЭхI, ма де ду-кх иза!

† *1:6 Довзийтинарг 9:8.*

†† *1:15 ЕшаI-ЯхIу 13:6.*

ХIунда аьлча герга ду Везачу Эло кхел ен де.
Цу дийнахь Нуьцкъалчо дерриг хIума а хIаллакдеш болу ницкъ гойтур бу.
16 Вайн бIаьргашна хьалхара
дIа ца баьккхинера кхача?
Вайн Делан цIийнера дIа ца даьккхина
сакъерадалар а, хазахетар а?
17 ХIуш хIаллакьхилла лаьттан бухахь,
уьш дакъаделла долу дела.
ЧIоьнаш а яссаелла,
уьш йохийна йолу дела.
18 Ма узарш до даьхнино!
Хьайбанаш а ду охкаделла лелаш!
Яц царна дежийлаш.
УьстагIийн жаш а ду гIайгIане.
19 Хьоьга кхойкху ас, Веза Эла!
ЦIеро ма ягийна
яьссачу аренан дежийлаш.
ЦIеран алуно дагийна
аренашкара дерриге а дитташ.
20 Ур-аталла дийнаташа а орца доккху Хьоьга,
охьаоьхуш хилла йолу хин Iовраш якъаелла дела,
цIеро яьссачу аренан дежийлаш хIаллакйина дела.

## Дала мостагIчун эскарехула таIзар дар

2 Лакхийша маIа Цийон-лам тIехь!
Орца даккхийша Сан безачу лам тIехь!
Бегабойла хIокху мехкан берриг а бахархой,
хIунда аьлча Везачу Элан де тIедогIу, иза герга ду.
2 И де боданан а, Iаржаллин а де ду,
мархаш а, дохк а долуш.
Лаьмнашкахула дIасаяьржа буьйса санна,
доккха а, нуьцкъала а долу цIазан эскар тIедогIу.
Иштта долу эскар азалера дуьйна а хилла дац,
ткъа иза абаде тIеяллалц а хир дац.
3 Цунна хьалха дерг цIеро дагадо,
цунна тIаьхьа дерг алуно морцу.
Цуьнан хьалхара латта Iеданан беш санна ду,
ткъа цунна тIаьхьарниг – яссийна аре ю.
Цунах цхьа а хIума кIелхьардалалур дац.
4 †Цуьнан васт – дойн васт санна ду.
Церан хахкадалар тIеман говрийн санна ду.
5 Иза гIудалкхийн гIовгIанца санна,
ча догуш лелха цIеран суйнаш санна,
тIамана дIахIоттийна нуьцкъала эскар санна,
лаьмнийн баххьашкахула хахкаделла лела.
6 Иза шайна гича, дегор ду халкъаш,
бос а байна, дIахIуьттур ю массеран а яххьаш.
7 Къовсабелларш санна бовду уьш,
пенашна тIе бовлу уьш, майра тIемалой санна.
ХIора а шен-шен новкъа дIавоьду,
шен некъа тIера ца вухуш.
8 Вовшийн а ца хьоьшуш,
хIораммо а шен некъ бо.
Дуьхьалонашкахула уьш ма лелха,
ткъа царна хIумма а ца хуьлу.
9 ГIали чухула бевдда лела уьш,
пенашна тIе хьалабуьйлу,
цIеношна чу гIерта,
къуй санна, корашкахула чулелха.
10 ††Царна хьалха латта дегадо,
стигал лестайо,
малххий, буттий кхулу,
седарчаша схьалуш йолу серло а дIайолу.
11 ‡Веза Эла эскарна хьалха воьду,
Цо Шен эскаре омра до.
Ма шортта ду Цуьнан долахь долу эскар!
Ма нуьцкъала бу Цуьнан дош кхочушдийраш!
Везачу Эло кхел ен де сийлахь ду.
Хьаьнга лалур ду те и *къематде*?

## Далла тIедерзаре кхайкхам

12 Амма Везачу Эло хIинца а боху:
«ТIедерза Суна цIеначу даггара
шаьш кхобучу мархица, дечу белхарца, тийжарца.
13 Бедарш а ца этIош, шайн дегнаш этIаде».
ТIедерза шайн Везачу Далла!
Иза дика ойла йолуш а, къинхетаме а ву.
Иза атта оьгIаз а ца воьдуш, ткъа боккха безам болуш ву.
Шена цхьанна бохам бан дагадеача, Иза сихха дохковолу.
14 Хьанна хаьа, дохко а ваьлла,
къинхетам бийр бац те Цо?
ТIаккха шун таро хир ю
шайн Везачу Далла лерина
кIен а, чагIаран а сагIанаш даха.

## Деле доIа даре кхайкхам

15 Лакхийша маIа Цийон-лам тIехь,
дIахIоттадейша Далла марха кхабар,
кхайкхийша халкъ динан гуламе.
16 Схьагулдейша халкъ,
базбейша и гулам,
схьакхайкхийша къаной,
схьагулбейша къонахий а,
декхаш долу бераш а.
Араволийла хIинца зуда ялийнарг ша вехачу хIусамера,
нускал а арадолийла шен цIа чуьра.
17 Далла гIуллакх деш болу динан дай тийжийла
кевнна а, сагIа доккхучу кхерчана а юккъехь.
Олийла цара: «Къинхетам бехьа, Веза Эла, Хьайн халкъах.
Ма кхардийтахьа Хьайн тIаьхьенах,
кхидолу халкъаш ма делийтахьа цунах.
Стенна бохур ду къаьмнашна юкъахь:
„Мичахь ву церан Дела?“»

† *2:4, 5 Довзийтинарг 9:7-9.*
†† *2:10 Довзийтинарг 8:12.* ‡ *2:11 Довзийтинарг 6:17.*

### Дала жоп далар

18 ТIаккха Везачу Элана Шен латта чIогIа дукхадийзира.
Цо Шен долахь долчу халкъах къинхетам бира.
19 Везачу Эло, жоп а луш, Шен халкъе элира:
«ХIан, Ас лур ду шуна
ялта а, чагIар а, зайтдаьтта а.
Царах дузуш Iийр ду шу.
Ас кхин дIалур дац шу къаьмнаш шух кхардийта.
20 Къилбаседехьара деана эскар Ас шуна генадоккхур ду.
Хи доцучу, баьссачу махка дIаэккхор ду Аса иза.
Цуьнан хьалхара арданг Малхбале хIорда чу кхуссур ю,
ткъа тIаьхьарниг – Малхбузе хIорда чу.
ТIаккха цунах цхьа боьха хьожа йогIур ю,
яхкаеллачу хIуманийн боьха хьожа хьалаетталур ю,
цо шуна сийлахь гIуллакхаш дарна.
21 Ма кхерийша, аренаш,
яккхийъейша, самукъане хилийша,
Везачу Эло шуна сийлахь гIуллакхаш дина дела.
22 Ма кхерийша, дийнаташ!
Яьссачу аренийн дежийлаша бецаш кхиор ю.
Дитташа шайн стоьмаш кхиор бу,
инжиро а, таьлланго а шорто лур ю.
23 Даккхийде шу а, Цийонан кIентий,
сакъералуш хила шайн Веза Дела шуьца хиларна.
Цо оьшшучу барамехь дIаделира шуна догIа.
Цо, хьалха санна, даийтира шуна
хьалххе хуьлу а, тIаьхьа хуьлу а догIа.
24 Хьаьттарш а ялтех юзур ю,
муттдоккхургаш а кемсийн муттанах а,
зайтдаьттанах а тIехъюьзна хир ю.
25 Шу долчу Ас тIехецначу эскаро –
цIазан хьалхара арданго а,
цIазан кхин мел йолчу ардангаша а –
хIаллак мел динарг, Ас меттахIоттор ду. 26 Шаьш
Iаббалц а юуш, дуьзна хир ду шу.
Шайн Везачу Делан цIарна хастамаш бийр бу аша,
шайна тIехь Цо инзаре гIуллакхаш дина дела.
Сан халкъ кхин цкъа а юьхьIаьржачу хIуттур дац.
27 ТIаккха хуур ду шуна Со Исраилан халкъана юкъахь хилар.
Со шун Веза Дела ву, кхин цхьа а дела а вац,
Сан халкъ кхин цкъа а
юьхьIаьржачу а хIуттур дац».

### Дала Шен Синан Iаь дерриг а адамна тIетохар

28 †«Цул тIаьхьа иштта хир ду:
Аса Сайн Синан Iаь тухур ю дерриг а адамна тIе.
ТIаккха шун кIентий а, мехкарий а, шайга пайхамаралла а доьссина,
Делера болу хаамаш беш хир бу.
Шун баккхийчарна Делера долу гIенаш гур ду.
Ткъа кегийнаш Делера долу тамашийна суьрташ дуьхьалхIуьттуш хир бу.
29 Ялхошна тIе, божаршна я зударшна делахь а,
Сайн Синан Iаь тухур ю Аса цу деношкахь.
30 Аса тамашийна билгалонаш гойтур ю
стигалахь а, лаьттахь а:
цIий, цIе, кIуьран бIогIамаш.
31 ††Малхах бода хир бу,
баттах цIий хир ду,
Везачу Элан де тIекхачале.
Иза сийлахь а, къемате а ду.
32 ‡Цу хенахь хIорра а Везачу Эле кхойкхуш верг кIелхьарвоккхур ву.
Везачу Эло ма-аллара, *кIелхьардовлар*
Цийон-лам тIехь а, Ярушалаймехь а хир ду.
КIелхьарбаьхнарш Дала Ша тIекхайкхинарш хир бу».

### Дала Шен халкъан мостагIашна таIзар дар

3 «Оццу деношкахь а, оццу хенахь а
Ас юхаметтахIоттор ю ЯхIуд а, Ярушалайм а.
2 Ас массо а къаьмнаш схьагулдийр ду.
Уьш ЯхIушапти-тогIи ‡† чу схьадалор ду Ас.
Цигахь Ас царна тIехь кхел йийр ю
Сайн долахь долу Исраилан халкъ бахьана долуш.
ХIунда аьлча цара Сан халкъ къаьмнашна юкъахь дIасадаржийна,
Сан латта а цара дIасадекъна.
3 Цара Сан халкъах кхаж туьйсура,
кIентий а дIалора нахаца лелачу зудчух,
йоI а чагIарх дIаюхкура, маларш а муьйлура.
4 ‡‡Шу-м хIун яра Суна, Цора а, ЦIадан а гIаланаш,
пIелаштамхойн массо а латтанаш? Суна бекхам бан
лаьий те шуна? Атта а, кестта а Сан халкъана
динарг шун кортошна тIе а дерзор ду. 5 Сан дети а,
Сан деши а аша дIадаьхьна. Сан уггар а тоьллачех
йолу еза хIуманаш а шайн деланийн цIенош чу
яьхьна. 6 ЯхIудан а, Ярушалайман а бахархой
грекахошна дIабухкура аша, церан дозанашкара
уьш генна бахархьама. 7 Хьажал, аша дIабоьхкинчу
меттера Аса хьалагIиттор бу уьш, Сан халкъана
динарг шун кортошна тIе а дерзор ду. 8 Шун
кIентий а, йоIарий а яхIудхошна дIабухкуьйтур бу
Ас. Ткъа цара уьш шебахошна, геннара долчу
халкъана дIабухкур бу», – иштта аьлла Везачу Эло.
9 «ДIакхайкхаде иза кхечу къаьмнашна юкъахь:
„ТIамана кечам бе,
иракарахIиттабе доьналла долу эскархой,
дуьхьалбовлийта массо а тIемалой.
10 ‡‡†Шайн готанийн хьонхалех тарраш де,
маьрсех – гоьмукъаш бе.

† *2:28-32 Векалийн 2:17-21.*

†† *2:31 Маттай 24:29; Марк 13:24, 25; Лака 21:25; Довзийтинарг 6:12, 13.* ‡ *2:32 Римхошка 10:13.* ‡† *ЯхIушапти *– Iебархойн маттахь иза «кхелъяр» бохург ду.** ‡‡ *3:4-8 ЕшаI-ЯхIу 14:29-31; Ярми-ЯхIу 47:1-7; Яхьазкхиал 25:15-17; Iамос 1:6-8;*

ГIорасиза волчо а ала:
‘Со ницкъ болуш ву’.
11 Сихло, тIегулло,
гонах мел долу къаьмнаш,
схьадуьйла оцу тогIи чу“».
Веза Эла, охьабигахьа Хьайн доьналла долу
эскархой!
12 «Иракара а хIиттина, къаьмнаш
ЯхIушапти-тогIи чу догIийла:
Со циггахь охьахуур ву,
гонахарчу массо а халкъашна кхел ярхьама.
13 †ТIедерзаде маьрсаш,
ялта кхиъна дела.
Схьадуьйла, охьадисса, кемсаш Iовда,
муттдоккхург юьзна дела.
Муттанан пхьегIаш чуьра мутт тIехъоьхуш ду,
цара дина зулам доккха долу дела».

## Ярушалаймана дина ваIда

14 Тобанаш, тобанаш ю
кхел ечу тогIи чохь.
Гергга деана Везачу Элан
оьгIазаллин де оцу тогIина!
15 Малх а, бутт а кхоьлина бу.
Седарчийн лепар а дIадайна ду.
16 ††Къевкъар ву Веза Эла Цийон-ломара,
Ярушалаймера а Шен аз схьахозуьйтур ду Цо.
Стигал а, латта а дегор ду.
Амма Шен халкъана чIагIо хилла дIахIуттур ву
Веза Эла,
Исраилан халкъана гIап санна хир ву Иза.
17 «ТIаккха хуур ду шуна Со шун Веза Дела вуйла,
Сайн безачу Цийон-лам тIехь вехаш волу.
Ярушалайм еза меттиг хилла дIахIуттур ю.
Кхечу къаьмнех берш кхин цкъа а
Ярушалаймехула толамхой санна чекхбевр бац».

## ЯхIуд-махкана хиндолу беркат

18 «Цу дийнахь иштта хир ду:
лаьмнаша чагIар охьаIенор ду,
баьрзнашкара шуьреш охьаоьхур ю,
ЯхIуд-мехкан татолаш а хих дузур ду.
Везачу Элан цIа чуьра шовда охьадогIур ду,
ткъа цо Шитим-тогIина хи мийлор ду.
19 Мисар-махках яьсса аре хир ю,
ткъа Эдомах яссийна меттиг хир ю.
Иза хир ду царна яхIудхошна цара ницкъ бар а,
ЯхIуд-махкахь бехк боцучеран цIий Iанор а
бахьана долуш.
20 Ас царна бекхам бийр бу,
хIинца а таIзар даза дисина цIий бахьанехь.
Амма ЯхIуд-махкахь даим адамаш дехар ду,
Ярушалаймехь а ехар ю тIаьхьенийн а
тIаьхьенаш.
Ткъа Веза Эла Цийон-лам тIехь вехаш хир ву».

---

*Цапни-ЯхIу 2:4-7; Закри-ЯхIу 9:5-7.* ‡‡† *3:10 ЕшаI-ЯхIу 2:4; Мика-ЯхIу 4:3.* † *3:13 а: Довзийтинарг 14:14-16; б: Довзийтинарг 14:19, 20; 19:15.* †† *3:16 Iамос 1:2.*

# Іамос

## Дешхьалхе

Іамос-пайхамар – Делан Йозанашкахь хьалхара пайхамар вара, шен хаам тІехь йоза яздинчу хьарчоран дохаллехь дІаязбина волу. Ша ЯхІуд-махкахь йолчу юьртара схьаваьллехь а, Исраил-мехкан къилбаседерчу пачхьалкхан нахана кхайкхамаш бора цо. Дала леррина Къобалвинарг дуьнен тІе валале борхІалгІачу бІешарана юккъехь хилла иза. Оцу заманахь нах беркатехь Іаш бара, уьш суьпа лелара, иштта шайн хьал царна маьрша хетара. Делахь а Іамос-пайхамарна гира беркат хьолахойн бен ца хилар, ткъа и беркат латтадора, нийса ца хилар а, къечу нахана гІело яр а бахьана долуш. Нехан суьпалла тІехулара бен яцара, ткъа церан хьал баккъалла а маьрша дацара. Жигара а, доьналлица а цо кхайкхам бора, Дала халкъана таІзар дийр ду бохуш. Цо нахе элира: «Нийсо, доьду хи санна, дІагІойла» (5:24), – иштта: «ТІаккха къинхетам бан мега массо а ницкъийн Везачу Дала оцу къоман бисинчех» (5:15).

### Делан кхелах лаьцна хаам

1 †ХІара дешнаш ТакхоІарчу жаІуйх цхьаъ волчу
Іамосан ду. Цунна уьш, Исраилан халкъах
хиндолчух лаьцна шена сурт хІоьттича, хезнера.
Иза, яхІудхойн пачхахьо Іузи-ЯхІус а, исраилхойн
пачхахьо, ЯхІуашан кІанта, ЯрбаІама а
пачхахьалла дечу хенахь, мохк бегабале, ши шо
хьалха дара.
2 ††Іамоса иштта элира:
«Веза Эла Цийон-ломара къевкъар ву,
Ярушалаймера а схьахозуьйтур ду Цо Шен аз.
ТІаккха дежийлаш а якъалур ю,
Кармал-ломан бохь а бакъалур бу».

### Дала исраилхойн лулахошна кхел яр

#### Арам-мохк

3 ‡Иштта боху Везачу Эло: «Дамасакхан бахархоша
юх-юха деш долу зуламаш бекхам ца беш дуьтур
дац Ас, хІунда аьлча цара ГалІад-гІала аьчка
гІирсаца эрина. 4 Хьазиал-пачхахьан цІенна тІе цІе
хоьцур ю Ас, Бен-Хьадидан гІепаш а ягор ю цу
цІеро. 5 Дамасакхан кевнаш а дохор ду Ас, Авайн-
тогІин бахархой а хІаллакбийр бу, Байт-Іедан
цІийнера олаллин гІаж шен карахь йолуш верг а
вуьйр ву. Ткъа арамхойн халкъ Кхир-кІошта
йийсаре дІагІур ду», – боху Везачу Эло.

#### ПІелаштам-мохк

6 ‡†Иштта боху Везачу Эло: «Іази-гІалин бахархоша
юх-юха деш долу зуламаш бекхам ца беш дуьтур
дац Ас, хІунда аьлча цара дийнна яртийн бахархой
йийсаре дІабеллера, Эдоман карабахийтархьама.
7 Іази-гІалин пенашна тІе а цІе хьажор ю Ас. Цо
хІаллакйийр ю цуьнан гІепаш. 8 Ашдод-гІалин
бахархой а хІаллакбийр бу Ас. Ашкхилун-гІалахь
олаллин гІаж дІалаьцнарг а вохор ву Ас. Іекхран-
гІалина тІе а кховдор ду Ас Сайн куьг,
пІелаштамхойх дисина халкъ а хІаллакьхир ду», –
боху Хьалдолчу Эло.

#### Цора-гІала

9 ‡‡Иштта боху Везачу Эло: «Цора-гІалин
бахархоша юх-юха деш долу зуламаш бекхам ца
беш дуьтур дац Ас, хІунда аьлча цара дийнна
яртийн бахархой йийсаре Эдомана дІабеллера,
царна дага ца беара исраилхошца бина
вежараллин барт. 10 Цора-гІалин пенашна тІе а
хьажор ю Ас цІе, цо хІаллакйийр ю цуьнан гІепаш».

#### Эдом-мохк

11 ‡‡†Иштта боху Везачу Эло: «Эдоман бахархоша
юх-юха деш долу зуламаш бекхам ца беш дуьтур
дац Ас, хІунда аьлча уьш шайн вежаршна, тур а
айина, тІаьхьабевлла лелла. Гергарлонан марзо

*† 1:1 а: ТІаьххьарнаш 15:1-7; 2 Шерашкахь 26:1-23; 6: ТІаьххьарнаш 14:23-29. †† 1:2 Юал 3:16. ‡ 1:3-5 ЕшаІ-ЯхІу 17:1-3; Ярми-ЯхІу 49:23-27; Закри-ЯхІу 9:1.*

*‡† 1:6-8 ЕшаІ-ЯхІу 14:29-31; Ярми-ЯхІу 47:1-7; Яхьазкхиал 25:15-17; Юал 3:4-8; Цапни-ЯхІу 2:4-7; Закри-ЯхІу 9:5-7. ‡‡ 1:9, 10 ЕшаІ-ЯхІу 23:1-18; Яхьазкхиал 26:1–28:19; Юал 3:4-8; Закри-ЯхІу 9:1-4; Маттай 11:21, 22; Лака 10:13, 14. ‡‡† 1:11, 12 ЕшаІ-ЯхІу 34:5-17; 63:1-6; Ярми-ЯхІу 49:7-22; Яхьазкхиал 25:12-14; 35:1-15; Іабди-ЯхІу 1:1-14; Малъаки 1:2-5.*

хер а йина, даим дарбелла лелаш, шайн оьгIазалла
цкъа а ца юьтура цара. 12 Теман-гIалина тIе а цIе
хьажор ю Ас, цу цIеро хIаллакйийр ю Бацар-гIалин
гIепаш а».

### Iаммин-мохк

13 †Иштта боху Везачу Эло: «Iамминхоша юх-юха
деш долу зуламаш дуьтур дац Ас бекхам ца беш,
хIунда аьлча цара берах болу зударий цистина
ГалIадехь, шайн латтанийн доза шордархьама. 14 Ас
цIе хьажор ю Рабба-гIалин пенашна тIе. Цо
хIаллакйийр ю гIалин гIепаш: тIом дIабоьдучу
дийнахь – маьхьаршца, йилбазмох болчу дийнахь
– йилбазмехаца. 15 Цу гIалин паччахь а вуьгур ву
йийсаре, цуьнца цхьаьна цуьнан лоруш болу нах а
буьгур бу», – боху Везачу Эло.

### Муаби-мохк

2 ††Иштта боху Везачу Эло: «Муабахоша юх-юха
деш долу зуламаш бекхам ца беш дуьтур дац
Ас, хIунда аьлча муабахоша Эдом-мехкан
паччахьан даьIахкаш, царах чим а беш, ягийна
дIаяьхнера. 2 Муаби-махкана тIе цIе хьажор ю Ас,
цо хIаллакйийр ю Кхиръют-гIалин гIепаш, тIаккха
Муаби-мохк хIаллакьхир бу. И бохам хуьлучу
хенахь тIеман гIовгIа хир ю, коьман маIан аз а хир
ду хезаш. 3 Ас хIаллаквийр ву цу мехкан куьйгалхо,
ткъа цунна гонах берш а хIаллакбийр бу Ас цуьнца
цхьаьна», – боху Везачу Эло.

### ЯхIудан халкъ

4 Иштта боху Везачу Эло: «ЯхIудхоша юх-юха деш
долу зуламаш бекхам ца беш дуьтур дац Ас, хIунда
аьлча Везачу Элан товрат-хьехамаш дIатеттира
цара, Цуьнан парзаш лар а ца дина. Церан дай
тIаьхьахIиттина леллачу цIуша тилийна уьш. 5 Ас
цIе хьажор ю ЯхIудана тIе, цо хIаллакйийр ю
цуьнан гIепаш».

### Исраилан халкъ

6 Иштта боху Везачу Эло: «Исраилхоша юх-юха
деш долу зуламаш бекхам ца беш дуьтур дац Ас,
хIунда аьлча цара бакъверг а детих дIавухку,
къениг а вухку шина мачех. 7 Къечеран кортош
лаьттан ченалахь хьоьшуш ду, ткъа мискачарна
нийсаниг дан ца магадо цара. Ур-атталла да а,
цуьнан кIант а цхьана зуда-ялхочуьнца лела оьху,
Сан еза цIе емал а еш. 8 Закъалт а делла, схьаэцна
йолу бедарш тIе а юхий, Iохку уьш сагIанаш дохучу
муьлххачу а меттехь. Шаьш гIуда тоьхна болчу
нахера схьаэцна долу чагIар муьйлу цара шайн
*Делан цIа* чохь.
9 ‡Аса баган-дитт санна, лекха волу а, наж санна,
онда волу а эмархо шун дуьхьа хIаллакввина. Ас
церан лакха тIера стом а, лахара орам а
хIаллакбина. 10 Ткъа Ас шу арадехира Мисар-
махкара. Шовзткъа шарахь лелийра Ас шу яьссачу
аренгахула, эмархойн латта шун дола
далийтархьама. 11 ‡†Ас шун кIенташна юкъара
пайхамарш хоржура, ткъа шун къонахех –
назархой ‡‡ хуьлуьйтура. Иштта дац ткъа иза,
исраилхой?» – боху Везачу Эло. 12 «Ткъа аша
назархошна чагIар мийладора, пайхамаршка омра
дора: „Делера болу хаамаш ма бе!“ – бохуш. 13 Ас
хIинца охьатаIор ду шу, цIевнех юьзначу гIудалкхо
охьа-ма-таIIора. 14 ТIаккха кадечун а дIавада ницкъ
хир бац, ондачуьнга а шен ондалла латталур яц,
тIемалочуьнга а шен дахар кIелхьардаккхалур дац.
15 Пхерчий кхуьссург а дуьхьаллатталур вац, маса
лелаш верг а дIавадалур вац, дошлочуьнга а шен
дахар кIелхьардаккхалур дац. 16 ТIемалошна
юкъара уггар а доьналла дерг а оцу дийнахь водур
ву, герз охьа а тесна», – боху Везачу Эло.

3 ЛадогIа кху даше, исраилхой. Мисар-махкара
шу арадаьхначу Везачу Эло шун массо а
тукхамашка аьлла: 2 «Шу бен магийна дацара Ас
лаьтта тIехь мел долчу тукхамашна юкъара.
Цундела Ас жоьпе а озор ду шу, аша мел лелийна
зуламаш бахьана долуш».

### Пайхамаран Iалашо

3 Новкъа вер вуй те шиъ, вовшашца барт а ца
беш?
4 Хьуьнхахь лом угIуш хуьлий те, шена хьалха ижу
ца хилча?
Лоьман кIорнино шен бен чуьра аз хозуьйтуш
хуьлий те, ша лаьцна хIума а йоцуш?
5 РечIанна чу нислур дуй те олхазар, шена чIогIа
езаш йолу хIума цу чохь ца хилча?
ДIакъовлалур юй те речIа, цу чу цхьа хIума ца
нисъелча?
6 Коьман маIа локхур юй те гIалахь, адам кхера а
ца долуьйтуш?
Хуьлий те гIалина бохам, Веза Эла воцучо
тIебаийтина?
7 Везачу Эло цхьа а хIума ма ца до, Шен ялхой
болчу пайхамаршка Шен къайле дIа а ца
йовзуьйтуш.
8 Мила вуьсу, лоьмо гIигI дича, кхера ца луш?
Хьалдолчу Эло аьлча, мила вуьсур ву Цуьнгара
хаамаш ца беш?

### Шамран-гIалин кхоллам

9 Ашдод-гIалин а, Мисар-мехкан а паччахьийн
цIеношкахь Iаш болчаьрга дIакхайкхаде:
«Схьагулло Шамран-гIалин лаьмнаш тIе, хьовса
уьш мел низам доцуш бу, цара мел бечу ницкъе», –
алий.

† 1:13-15 *Ярми-ЯхIу 49:1-6; Яхьазкхиал 21:28-32; 25:1-7; Цапни-ЯхIу 2:8-11.* †† 2:1-3 *ЕшаI-ЯхIу 15:1–16:14; 25:10-12; Ярми-ЯхIу 48:1-47; Яхьазкхиал 25:8-11; Цапни-ЯхIу 2:8-11.* ‡ 2:9 *Карлабаьккхинарг 3:8-11.* ‡† 2:11 *Лелар 6:1-8.* ‡‡ *Назархой *– уьш Далла лерина нах бу. Цара чIагIо йора чагIар ца мала а, кемсаш ца яа а. Коьртара месаш дIа а ца лоргура цара.**

10 «Царна ца хаьа нийсонца лела, – боху Везачу
Эло. – Ницкъ беш а, талораш деш а гулйо цара
шайн хIусамашкахь йолу хазна». 11 Цундела
Хьалдолчу Эло иштта боху: «МостагIа дерриге а
лаьттана гонах хир ву! Цо йохор ю хьан чIагIо, хьан
хIусамашна талор дийр ду».
12 Иштта боху Везачу Эло: «Наггахь Iуьно лоьман
багара схьайоккху ши ност я лерган кийсак санна,
иштта кIелхьарбаьхна хир бу Шамран-гIалахь
маьнгин йистехь а, Дамасакхехь метта юккъехь а
хевшина Iаш болу исраилхой. 13 Ла а догIа, Якъубан
цIийне дIахьедар а де», – боху массо а ницкъийн
Дела волчу Хьалдолчу Эло. 14 †«Исраилхошна церан
къинош бахьанехь Айса таIзар дечу дийнахь Бетал-
гIалахь долу сагIа доккху кхерчаш дохор ду Ас.
СагIа доккхучу кхерчийн уггар деза дакъош – церан
маIаш ††, хеда а йина, лаьтта охьатуьйсур ю. 15 Ас
хIаллакдийр ду Iа доккху а, аьхке йоккху а цIенош.
Пийлан кIомсаршца кечдина цIенош а хIаллакьхир
ду. Дуккха а даккхий цIенош, хIаллак а хилла,
дIадевр ду», – боху Везачу Эло.
4 ЛадогIа кху даше, Шамранан лам тIехь долу
Башанан хьийкъина шинарш санна болу
зударий. Шу гIийлачарна ницкъбийраш а,
мисканаш Iазапехь латтош берш а, шайн
хIусамдайшка: «Схьада чагIар, оха мер ду!» –
бохурш ду. 2 Шен возаллица чIагIо йора Хьалдолчу
Эло: «Шу коьжалгашца, ткъа шун биснарш
мIерашца текхор болу денош шуна тIедогIур ду», –
бохуш. 3 «Пенах даькккхинчу уллорачу Iуьргана тIе а
такхийна, кхиссина арадохуьйтур ду шу, тIаккха шу
Хьармон-лам болчухьа дIалохкур ду», – боху Везачу
Эло.

## Исраилан халкъан аьрхалла

4 «Дуьйло, къинош летаде, Бетал-гIаларчу езачу
метте дIа а гIой. Шайн зуламаш алсамдаха
Галгалехь а. Шайн дийнаташ дагоран сагIанаш
даха хIора Iуьйранна, ткъа кхо де мосазза долу,
шайн ялтех уьтталгIа дакъа дIало. 5 Исраилхой,
баркаллин сагIина лерина долу совсийна бепиг
схьада, дIакхайкхаде аша шайн лаамца сагIанаш
дохуш хилар, цунах лаьцна, дозалла а деш,
дIасадаржаде, иштадерг шайна дукхадеза дела», –
боху Хьалдолчу Эло.
6 «Со ма вара шун массо а гIаланашкахь мацалла
ХIоттийнарг а, шун массо а яршашкахь ялта цатоар
ХIоттийнарг а, делахь а Суна тIе ца дирзира шу, –
боху Везачу Эло. – 7 Ас кхаа баттахь, ялта хьокху хан
тIекхаччалц, догIа ца доуьйтура шуна. Цхьана
гIалахь догIа доуьйтура Ас, ткъа вукху гIалахь ца
доуьйтура. Цхьа кха дузадора догIано, ткъа важа,
хин тIадам божаза, дакъалора. 8 Шина-кхаа гIалара
нах хи малархьама цхьана гIали чу гуллора, амма
шаьш Iаббалц ца малалора цаьрга иза. ТIаккха а
тIе ца дирзи шу Суна», – боху Везачу Эло.
9 «Ас чахчош болу мох боуьйтура шун ялташ тIе.
ЦIазо йоура шун бошмаш а, кемсийн аренаш а,
комарийн а, *зайт* а дитташ а, делахь а Суна тIе ца
дирзира шу.
10 Ас шуна Мисар-махкахь хиллачух цамгаран ун
тIедаийтира. Шун кегий нах туьраца хIаллакбора
Ас, дой йийсаре дIа а лохкуш, шун
меттаметтанашкара боьха хьожа шун
мерIуьргашка еттайолуьйтура. ТIаккха а Суна тIе ца
дирзира шу», – боху Везачу Эло.
11 ‡«Ас шуна юкъахь бохамаш бора, Седам-гIала а,
Iамор-гIала а йохош Айса бина бохамаш санна.
Ткъа шух биснарш, цIергара схьадаьхна хьоккхий
санна, бара. ТIаккха а Суна тIе ца дирзира шу, –
боху Везачу Эло. – 12 Цундела Ас иштта дийр ду
шуна, исраилхой. Аса иза иштта дийр долу дела,
кечло, исраилхой, шайн Далла дуьхьалдаха!»
13 Дала лаьмнаш а кхуллу,
мох а болуьйту,
адамна Шен ойла дIа а хоуьйту,
Iуьйренан серлонах бода а хуьлуьйту.
Цо лакхара дерриге а лаьттана куьйгалла до.
Цуьнан цIе ю – массо а ницкъийн Веза Дела.

## Далла тIедерзаре кхайкхам бар

5 ЛадогIа, исраилхой, Ас хьох лаьцна белхар
доккхур долчу кху даше.
2 Охьа а доьжна, кхин хьала ца айалуш Iуьллу
йоIстаг санна долу Исраилан халкъ!
Шен мехкан лаьтта тIехь даржийна долу иза,
вац-кх хьалаайа цхьа а.
3 ХIунда аьлча Хьалдолчу Эло иштта боху:
«Исраил-махкахь эзар тIемалочуьнца
дуьхьалъяьллачу гIалин оцу тIемалойх бIе бен
вуьсур вац, ткъа бIе тIемалочуьнца
дуьхьалъяьлларг иттанца юьсур ю».
4 ХIунда аьлча Везачу Эло иштта боху Исраилан
цIийне: «Со лехалаш – дийна дуьсур ду шу. 5 Бетал-
гIалахь Со ма лехалаш, Галгал-гIала ма гIолаш,
Беар-ШабаIе ма кхачалаш, хIунда аьлча Галгал-
гIала йийсаре гIур ю, ткъа Бетал-гIала хIумма а
йоцург хилла дIахIуттур ю».
6 Лехалаш Веза Эла – дийна дуьсур ду шу. ЦIеран
алу санна, Иза Юсупан цIенна тIе ма кховдийта.
Оцу цIеро иза хIаллакдийр ду. Бетал-гIалахь цхьа а
хир вац и цIе дIаяйа. 7 Нийсонах дIовш деш долу а,
бакъдерг лаьтта кхуссуш долу а, хIай адамаш!
8 ‡†Хьан кхоьллина ВорхI Седа а, Орион а?
Хьан еш ю Iожаллин IиндагIах сирла Iуьйре,
ткъа дийнах Iаьржа буьйса?
Хьан тIегулдо хIордан хиш?
Уьш лаьтта тIехула Хьан дIасадаржадо?
Цуьнан цIе – Веза Эла ю!
9 Цо онданиг хIаллак а во,
цуьнан гIап йоха а йо.

† *3:14 ТIаьхьхьарнаш 23:15.* †† *СагIа доккхучу кхерчийн маIаш исраилхоша шаьш кIелхьарбовлархьама схьалоцуш хилла.**

‡ *4:11 Доладалар 19:24.* ‡† *5:8 Аюб 9:9; 38:31.*

[10] Шуна ца веза кхел ечохь харцо гучуйоккхуш
верг, бакъдерг дуьйцучух а шу ца деша. [11] Иштта
аша мисканиг охьа а теIош, цуьнгара ялтица
совгIаташ а дохуш, шайна хьаькхначу тIулгех
цIенош дийр ду, амма царна чохь дехар дац шу.
Кемсийн бошмаш кхиор ю аша, амма царах даьлла
чагIар мер дац, [12] хIунда аьлча Суна хууш ду аша
мел дукха зуламаш дина, мел деза ду шун къинош.
Шу бакъволчун мостагIий ду. Кхаьънаш а ийдеш,
мискачеран гIуллакхаш галдоху аша кхел ечохь.
[13] Цундела вист ма ца хуьлу цу хенахь кхетаме верг,
хIунда аьлча и зама луьра ю.
[14] Дика леха, вон а ца лоьхуш, шаьш дийна
дисийтархьама. ТIаккха массо а ницкъийн Веза
Дела, аша ма-бохху, шуьца хир ву. [15] Вон а ца
дезаш, дика дезийша, меттахIоттадейша дов
хаттар. ТIаккха къинхетам бан мега массо а
ницкъийн Везачу Дала Юсупан цIийнах бисинчех.
[16] Цундела иштта боху Везачу Эло, массо а
ницкъийн Везачу Дала: «Массо а урамашкахь
белхар хир ду. Массо а некъашкахь мохь хьоькхур
бу: „Маржа-яI! Маржа-яI!“ – бохуш. Латталелорхо
латкъам бан, ткъа тийжаме назманаш ала
говзанаш белха а тIекхойкхур бу. [17] Кемсийн
бошмашкахь а хир ду белхар, хIунда аьлча Со
халкъана юккъехула чекхвер ву, шуна таIзар
дархьама», – боху Везачу Эло.
[18] Декъаза бу Везачу Элан де тIекхача луурш.
Стенна оьшу шуна и де? Иза-м бода бай, серло
яций. [19] Иза, нагахь цхьаъ, лоьмах а ведда, чена тIе
нисвалар, я, шен цIа а веана, куьйгаца пенна
тIетевжича, лаьхьано къовзор санна ду. [20] Серло а
йоцуш, бода бац ткъа Везачу Элан и де? Iаьржа
бода бу иза, цуьнца нур лепар дац.
[21] †«Суна ца деза, Суна дегаза хета аша даздеш
долу денош. Шун динан гуламаш Суна дегаза хета.
[22] Нагахь санна Суна лерина дийнаташ дагоран а,
кIен а сагIанаш аша дахахь а, Аса тIеоьцур дац
уьш. Со дIахьожур вац аша шайн дерстинчу
даьхних Суна лерина даьккхинчу сагIане. [23] Суна
генаяккха лоьккхучу хьайн эшарийн гIовгIа, хIунда
аьлча хьан дечиг-пондарийн аьзнашка Ас ладугIур
дац. [24] Нийсо, доьду хи санна, дIагIойла, ткъа
бакъдерг – лекъар доцу татол санна!
[25] ††Исраилан халкъ! Шовзткъа шарахь яьссачу
арахь Суна тешаме хилар гайтархьама, дийнаташ
дагоран а, кIен а сагIанаш даха ма ца дийзира
хьан! [26] Шайн паччахь-делан Сакутан а, шайн седа-
делан Кайвулин шайн куьйгашца дина долу
суьрташ хIетахь а леладора те аша? Ткъа хIинца
аша уьш лела ма бо! [27] Аша иза дарна, шу махках а
даьхна, Дамасакхана дехьа дохур ду Ас», – боху
Везачу Эло. Цуьнан цIе – массо а ницкъийн Веза
Дела ю.

† *5:21, 22 ЕшаI-ЯхIу 1:11-14.* †† *5:25-27 Векалийн 7:42, 43.*

### Везачу Эло Исраилан мохк хIаллакбийр бу

6 Декъаза бу Цийон-лома тIехь гIайгIане а
боцуш Iаш берш, Шамранан ломахь шаьш
маьрша хеташ берш, хьалхе йоккхучу халкъан цIе
яххана берш, шайна тIе Исраилан цIа тIедогIуш
болу. [2] Даха а гIой, Хална-гIалане хьовса, цигара
сийлахьчу Хьамат-гIала дIагIо. ПIелаштамхойн
Гати-гIала охьадисса. Аша боху: «Церан ницкъе
хьаьжжина, царах цхьа а ЯхIудан а, Исраилан а
пачхьалкхе ма ца кхочу!» Церан мохк боккха бац
шун чул? [3] Бала тIебогIу де геннахь а хеташ, Iазап
толар гергадаладо аша. [4] Пийлан кIомсарех бинчу
маьнгеш тIехь Iохку шу, дегIана там лоьху аш
кечдинчу меттанашкахь. Дикачу дежийлашкара
шайн бежанашна юкъара тоьлла долу кой а, эсий а
доу аша. [5] Дечиг-пондарийн аьзнашца мукъамаш
балабо аша. Шуна хета, шайн а, Даудан санна,
эшарийн гIирсаш лело говзалла ю. [6] Кедаш чуьра
чагIар муьйлу аша, уггар а дикачех хьакхарш
хьоькху, амма Юсупан цIенна хин болчу бохамех
доьлхуш дац шу! [7] Цундела хIинца шу,
йийсархошна хьалха а девлла, йийсаре гIур ду,
чекхдер ду шун тойнаш хIиттор а, сакъерар а.
[8] Ша-шех чIагIо йо Хьалдолчу Эло, массо а
ницкъийн Везачу Дала иштта боху: «Суна ца еза
Якъубан куралла, Со ца веша цуьнан исбаьхьачу
гIишлойх, Ас гIала а, гIалахь мел дерг а дIалур ду
мостагIашна».
[9] Иштта хир ду: нагахь санна цхьана цIа чохь итт
стаг висахь а, уьш массо а хIаллакьхир ву. [10] ТIаккха
церан гергарчо я уьш багош волчо схьаоьцур бу
уьш, церан декъий цIа чуьра арадахархьама. ЦIа
чохь висначуьнга хоттур ду цо: «Кхин цхьа а
висний хьоьца?»
Вукхо жоп лур ду: «Цхьа а ца висна».
ХIокхо эр ду: «ГIовгIа ма е! Везачу Элан цIе яккха
мегар дац».
[11] ХIунда аьлча Везачу Эло, омра а дина, даккхий
а, кегий а цIенош хIаллакдийр ду, царах аьхгаш а
еш. [12] Говраш тархашна тIехула евдда лелий те?
Стерчашца хIордана тIехь охана далур дуй те? Аша-
м нийсонах дIовш а дина, бакъдолчух стим а бина.
[13] Шаьш Ладебар-гIала ‡ схьаяьккхина бохуш,
дозалла деш ду шу. «Тхайн ницкъаца дIа ца лаьцна
оха Кхарнайм-гIала ‡‡?» – боху аша.
[14] «Ткъа хIинца, Исраилан цIа, Ас халкъ
дуьхьалдоккхур ду хьуна. Къилбаседера Хьамат-Iин
долчуьра къилбера Iариба-тогIин хина тIекхаччалц
дIалохкур ду шу», – боху массо а ницкъийн Везачу
Дала.

‡ *Ладебар-гIала *– и цIе Iебархойн маттахь «хIумма а доцург» бохучух тера ду.** ‡‡ *Кхарнайм-гIала *– оцу жимачу гIалин цIе «маIаш» боху маьIна долуш ю, ткъа иза ницкъан билгало ю.**

### ЦIоз гар

7 Цкъа сан Хьалдолчу Эло, хаам беш, иштта сурт
гайтира суна. Дала цIоз кхоьллира тIаьххьара
буц хьалайолучу хенахь. И дара, цани тIера
паччахьан декъана мангал хьаькхначул тIаьхьа,
керла буц хьалайолуш. 2 ЦIазо буц дIайиъна яьлча,
ас элира: «Сан Хьалдолу Эла! Къинхетам бехьа!
Якъубах схьадаьлла Хьан халкъ дийна муха дуьсур
ду? Иза чIогIа жима ду-кх».
3 Везачу Элана къахийтира цунах. «Иза хир дац»,
– элира Везачу Эло.

### ЦIе гар

4 Сан Хьалдолчу Эло, хаам беш, иштта сурт
гайтира суна: Везачу Эло кхел ян цIе кхоьллира.
Оцу цIеро лаьттана бухахь болу боккха хIорд а
бакъийра, ткъа кхаш дIа а кхаьллира. 5 Ас тIаккха
элира: «Сан Хьалдолу Эла! Къинхетам бехьа!
Якъубах схьадаьлла Хьан халкъ дийна муха дуьсур
ду? Иза чIогIа жима ду-кх».
6 Везачу Элана къахийтира цунах. «Иза хир дац»,
– элира сан Хьалдолчу Эло.

### Санисбийриг гар

7 Цо, хаам беш, иштта сурт гайтира суна: Веза Эла
пенна уллохь лаьтташ вара, ткъа Цуьнан карахь
санисбийриг яра. 8 Везачу Эло соьга хьаьттира:
«Iамос, хьуна хIун го?»
«Санисбийриг го», – жоп делира ас.
ТIаккха Везачу Эло элира: «Ас хIинца Сайн
Исраилан халкъана юккъе санисбийриг
охьаюьллур ю. Ас цунна кхин гечдийр дац.
9 Яссийна хир ю Исхьакхан тIаьхьенийн сагIанаш
доху лакхенаш. Исраил-мехкан еза меттигаш а
йохийна хир ю. ЯрбаIам-паччахьан цIенна а Со
туьраца дуьхьалвер ву».

### Iамос а, Амци-ЯхIу а

10 Бетал-гIалин *динан да* волчу Амци-ЯхIус
исраилхойн паччахьна ЯрбаIамна тIе нах
бахийтира хIара дIаала: «Исраилхошна юкъахь а
волуш, Iамос, барт а бина, хьуна дуьхьалволуш ву.
Лаьтте а ца лало цо мел дуьйцург. 11 ХIунда аьлча
Iамоса иштта боху: „ЯрбаIам туьрах хIаллакьхир ву,
ткъа исраилхой, шайн лаьтта тIера схьа а баьхна,
йийсаре буьгур бу“».
12 Амци-ЯхIус иштта элира Iамосе: «Хиндерг хууш
верг! Вало, ЯхIуд-махка дIа а гIой, цигахь бепиг даа
хьайна алапа эца, цигахь, пайхамаро санна,
хаамаш а бе. 13 Ткъа Бетал-гIалахь пайхамаралла
кхин ма де, хIунда аьлча иза паччахьо Iибадат деш
йолу меттиг а ю, пачхьалкхан Деза цIа а ду».
14 Iамоса Амци-ЯхIуна жоп делира: «Со пайхамар
а вац, я шайна алапа оьцучу пайхамарийн тобана
юкъавогIуш а вац. Со жаIу вара, цул сов, ас
инжиран дитташ а Iалашдора. 15 Амма Везачу Эло
уьстагIий долчуьра схьаваьккхира со. Цо соьга
иштта элира: „Вало, Сан халкъана, исраилхошна,
Соьгара болу хаамаш бан гIо“. 16 ЛадогIа хIинца
Везачу Элан даше. Ахь боху: „Исраилан халкъе
Делера болу хаамаш ма бе. Исхьакхан
тIаьхьенашна дуьхьал цхьа а вон дош ма ала“.
17 Ахьа иштта аларна, Везачу Эло хIара боху: „Хьан
зуда гIалахь, кхахьпа а дина, лелор ю. Хьан кIентий
а, йоIарий а туьро хIаллакбийр бу. Хьан латта,
асанаш йохучу муьшца декъа а декъна, кхечарна
дIалур ду. Хьо хийрачу махкахь лийр ву, ткъа
Исраилан халкъ, шен махкара ара а даьккхина,
йийсаре дуьгур ду“».

### Стоьмаш чохь болу тускар гар

8 Сан Хьалдолчу Эло, хаам беш, иштта сурт
гайтира суна: лаьтташ стоьмаш чохь болу
тускар дара. 2 Цо хьаьттира: «Iамос, хьуна хIун го?»
Ас жоп делира: «Аьхкенан чаккхенгахь кхиъна
болчу стоьмийн тускар го суна», – аьлла.
ТIаккха Везачу Эло соьга элира: «Сан халкъан,
исраилхойн, чаккхе тIекхаьчна. Ас цунна кхин
гечдийр дац. 3 Цу дийнахь паччахьан цIа чуьра
эшарш белхаре йоьрзур ю, – боху Хьалдолчу Эло. –
Дукха декъий хир ду. Уьш тийналлехь миччахьа а
дIакхуьссур ду».

### Исраилан халкъана кхел яр

4 ЛадогIа кху дешнашка, мисканаш дIакхалла а,
къенаш хIаллакбан а хьаьгна долчу а, 5 иштта
дешнаш бохуш долчу а аша: «Керла бутт а, цкъа
мацца байна а, дIабовр бу, вайна ялта дIадохка
меттиг ялийтархьама. Далла лерина шоьтан де а
дIадер ду, вайга чIоьнаш дIаеллийтархьама, барам
лахбалийтархьама, шекхалан мах
хьалабаккхархьама, нийса доцучу терзанца нах
лебархьама. 6 Иза хир ду хьал доцурш детих эца а,
мисканаш шина мачех хийца а, дIаден мегаш доцу
хIу дохка а».
7 Исраилан халкъах дозалла дечу Везачу Эло
чIагIо йора: «Билггала цкъа а церан гIуллакхех
цхьа а дицдийр дац Аса! 8 Дегор-м дац те и бахьана
долуш латта? Лаьтта тIехь вехаш волу хIора а
воьлхур-м вац те? Дерриге а, доьду хи санна,
тохалур ду. Мисар-махкара хи санна, лакхадолуш а,
лахлуш а хир ду иза. 9 Оцу дийнахь иштта хир ду, –
боху сан Хьалдолчу Эло – дийнан делкъехь Ас малх
дIахьулбийр бу, сирла де юккъе дахча, лаьтта тIе
бода боссор бу. 10 Шун деза денош гIайгIане дийр
ду Ас, аша локху массо а эшар, белхар а дина,
дIахIоттор ю. Массарна а сингаттаман дукхар
тIедухур ду, хIораннан а корта баьшна хуьлуьйтур
бу. Махкахь белхар доккхур ду, цхьаъ бен воцучу
кIантана деш долу белхар санна, цуьнан чаккхе
къаьхьа де санна хир ю.
11 Денош тIедогIур ду, – боху сан Хьалдолчу Эло, –
Ас лаьтта тIехь мацалла хуьлуьйтур йолу. Иза бепиг

доцу мацалла а хир яц, хи доцу хьогалла а хир яц.
Иза Везачу Элан дош хазаре сатуьйсу хьогалла хир
ю. [12] Уьш, Везачу Элан дош лоьхуш, Дуьрачу хIорда
тIера Дуьненаюккъерчу хIорда тIе а, къилбаседера
малхбале а лелар бу, амма иза карор дац. [13] Оцу
дийнахь хаза мехкарий а, кегийрхой а хьагбаларна
гIора дайна хир бу. [14] Цара Шамранан цIуйх
дуйнаш боу: „Дийна волчу Данан делах дуй боу!“ я
„Беар-ШабаIан делах дуй боу!“ – олий. И чIагIонаш
еш берш охьаоьгур бу, ккхин хьала а гIовттур бац».

### Везачу Элан кхелах цхьа а валалур вац

9 Веза Эла сагIа доккхучу кхерчана уллохь гира
суна. Цо элира: «Делан цIенна хIиттийначу
бIогIамашна тIе, баххаш ластийттал, хIума тоха. И
бIогIамаш массеран а кортош тIе эгаде. Ткъа царах
биснарш Ас туьраца хIаллакбийр бу. Царах цхьа а
дIа а вадалур вац, цхьа а кIелхьар а валалур вац.
[2] Уьш, эхарта кхаччалц, лаьттах чубахнехь а,
цигара а Сан куьйго схьабохур бу. Уьш, тийсалуш,
стигала хьалабевллехь а, цигара а чукхуьссур бу Ас.
[3] Кармал-ломан боххьехь къайлабевлча а, цигахь а,
схьа а карийна, схьалоьцур бу Ас уьш. Сан
бIаьргашна хьалхара дIабевлла, хIордан бухахь
уьш дIаловчкъахь а, цигахь а Ас хIордан лаьхьане
омра дийр ду, уьш лаца аьлла. [4] Нагахь санна,
шайн мостагIашна хьалха а бевлла, уьш йийсаре
гIахь а, цигахь а Ас туьре омра дийр ду, уьш байа
аьлла. Ас Сайн бIаьргаш, царна диканна а ца
хьажош, бохам бан тIехьажор бу».
[5] ХIунда аьлча массо а ницкъийн Хьалдолу Эла
лаьттах хьакхало,
тIаккха латта дIасадекъало.
Лаьтта тIехь вехаш мел верг воьлху.
Дерриг а латта, Мисар-махкара Нил-хи санна,
лакха а долу, юха лах а ло.
[6] Дала Шена лерина хIусамаш стигалшкахь йина,
ткъа Шен стигалан нартол лаьтта тIехь
дIахIоттийна.
Цо хIордан хиш схьа а гулдо,
уьш лаьтта тIехула дIа а Iанадо.
Цуьнан цIе – Веза Эла ю!
[7] «Шу а, исраилхой, *хушахой* санна дац ткъа Суна?
Со вац ткъа исраилхой Мисар-махкара,
пIелаштамхой Крит-гIайре тIера, арамхой Ккирера
арабаьхнарг?» – боху Везачу Эло. [8] «Хьалдолчу Элан
бIаьргаш къинош летийначу пачхьалкхана
тIехьажийна бу. Ас, хIаллак а йина, лаьтта тIера
тIепаза йойур ю иза. Амма Якъубан цIа Ас кхоччуш
хIаллакдийр дац, – боху Везачу Эло.
[9] – Ас, омра а дина, Исраилан халкъ массо а
халкъашна юкъахь дIасадаржор ду, цецана чу
дожош долу буьртигаш санна, амма царах цхьа а
вониг лаьтта ца бужу. [10] Сан халкъана юкъара
къинош летийнарш берриге а туьрах хIаллакьхир
бу, цара бахахь а: „И бохам тхох хьакха а лур бац,
тхуна тIе а богIур бац“».

### Дала Исраилан халкъ хьалха ма-хиллара дIахIоттор

[11] †«Охьадоьжна четар санна йолу Даудан
пачхьалкх юхаметтахIоттор ю Ас оцу дийнахь.
Цуьнан йохийна а, лилхина а меттигаш, дIа а
къевлина, ширачу заманахь ма-хиллара, дIахIоттор
ду иза. [12] Иза Эдомах диснарг а, Сан долахь хилла
массо къаьмнаш а церан карадахийтархьама дийр
ду Ас», – боху хIара дерриге а деш волчу Везачу
Эло.
[13] «ТIекхочур ду, – боху Везачу Эло, –
охуш волчунна – оруш верг гун волу а,
ткъа кемсаш хьуьйш верг уьш дIаюьйш волчунна
тIаьхьа кхуьур воцу а токхе денош.
Кемсийн мутта лаьмнех охьаIийдалур ду,
массо а баьрзнех схьаоьхур ду иза.
[14] Ас Сайн халкъ йийсарера шен лаьтта тIе
юхадерзор ду.
Яссийначу гIаланашкахь гIишлош а йина, царна
чохь баха охьаховшор бу уьш.
Кемсийн бошмаш а йоьгIна, царах даьккхина
мутта а муьйлур ду,
бошмаш а кхиийна, царах бевлла стоьмаш а буур
бу цара.
[15] Ас шайн лаьтта тIе охьаховшор бу исраилхой.
Уьш кхин Ас царна деллачу лаьтта тIера
лелхийна лелор бац», – боху хьан Везачу Дала.

---

† *9:11, 12 Векалийн 15:16-18.*

# Iабди-ЯхIу

## Дешхьалхе

Iийса дуьнен чу валале, 586-чу шарахь Ярушалайм-гIала йожийча, цхьа хан яьллачул тIаьхьа дIаяздина дара хIара тептар. Оцу хенахь ЯхIудан халкъан шира мостагIа хилла болу, къилба-малхбалехь болу Эдом-мохк Ярушалайм йожарх самукъадаьлла лаьттара. Цул сов, ЯхIудан хьолах пайда а эцна, эдомхоша Ярушалайм-гIали чуьра хIонс а йоккхура, ЯхIудан мостагIчунна гIо а дора.
Iабди-ЯхIус Делера болу хаам бора, Эдом-мохк таIзар а дина, иза эшийна хир бу аьлла. Цуьнца цхьаьна изза таIзар дийр ду Исраилан къоман мостагIий долчу кхечу къаьмнашна а.

### Эдоман халкъан бехк

1 Iабди-ЯхIу-пайхамарна сурт хIоттар.
Хьалдолчу Эло иштта бохура Эдоман халкъах лаьцна.
Везачу Эло хIара хаам бира тхоьга,
тIаккха оха геланча вахийтира, и хаам халкъашна дIахазийра:
«ХьалагIовтта, Эдомана дуьхьал тIом бийр бу вай!» – аьлла.
2 «Ас къаьмнашна юкъахь жиманиг дийр ду хьох,
цундела хьо лорур дац цара.
3 Хьо хьайн деган куралло Iехийна.
Хьо дехаш ду лекхачу меттехь,
тархийн хераллашкахь.
Ахьа хьайн дагахь боху:
„Мила вара со лаьтта доссо?“
4 Нагахь, аьрзу санна, лакха хьала а даьлла,
седарчашна юкъахь ахь хьайна бен бича а,
Ас хьо цигара а охьакхуссур ду», – боху Везачу Эло.
5 «Къуй-м бацара те хьуна баьхкинарш?
Буьйсанна лела талорхой-м бацара те хьуна иштта бохам бинарш?
Цара-м шайна оьшшучул бен хIума дIахьур яцара.
Нагахь шу долчу кемсаш лечкъош берш къайлаха чубаьхкича,
цара а буьтур бацара ткъа кемсийн масех буьртиг?
6 Ма, чIим санна, цIанвина Iесав! [†]
Къайлаха мел ерг а ма гучуяьккхина цуьнан!
7 Шу шайн бартхоша дозанан йисте кхаччалц дIалохкур ду.
Шуьца бертахь бехачара, шу ле а дина, эшор ду.
Шуьца цхьаьна шуьне ховшучара шу Iовжор ду.
Цара эр ду шух лаьцна: „Мичахь ду церан дерриг а хьекъал?“»

### Эдомана таIзар даран бахьанаш

8 «Цхьана дийнахь Ас таIзар дийр ду Эдомна.
Церан хьекъале нах хIаллак а бийр бу,
церан хьекъалалла дIа а доккхур ду Ас, – боху Везачу Эло. –
9 Хьан тIемалой, Теман-гIала, кхерабелла хир бу,
ткъа Iесаван лам тIехь берш хIаллакбийр бу».
10 «Аша шайн вешина Якъубана гIело ярна,
шуна тIе эхь дуссур ду,
шу гуттаренна а хIаллакьхир ду.
11 Церан хьал хийрачу наха дIахьочу дийнахь,
кхечу къаьмнаша, церан кевнехула чу а девлла,
Ярушалаймах кхаж тосучу хенахь,
шу, царах долуш санна, юьстаха лаьттара.
12 Шу хьогIаца хьежа ца дезара шайн вежарийн дийне,
церан аьтто боьхначу дийне.
Шу даккхийден ца дезара
яхIудхой хIаллакьхуьлучу дийнахь,
аша дозаллаш дан ца дезара
церан бохаман дийнахь.
13 Шу чудовла ца дезара Сан халкъан кевнехула
цуьнан ирс дайначу дийнахь.
Ур-атталла хьежа гIуллакх а дацара цуьнга цу дийнахь.
Аша цуьнан бахамна тIе куьг кховдо ца дезара
цунна бохам хиллачу дийнахь.
14 Шу некъаш галморзахаа довлучу меттехь
латта ца дезара цуьнан бевддарш хIаллакбархьама,
дийна биснарш дIабала а ца безара аша
оцу баланечу дийнахь.
15 Массо а халкъашна гергадеана
Везачу Элан *къематде*.

† *Iесав *– исраилхой Якъубах схьабевллера, ткъа эдомхойн да волу Iесав Якъубан ваша вара.**

Аша диннарг шуна а дийр ду.
Хьакъ мел дерг шун кортош тIе доьрзур ду.
16 ХIунда аьлча Сан безачу лам тIехь
аша маларш мийларе терра,
кхечу къаьмнаша а муьйлур ду уьш массо а хенахь.
Цара кхаьллина дIадоккхур ду,
тIаккха, цкъа а ца хилча санна, дIа а девр ду уьш.
17 Ткъа *кIелхьардовлар* Цийон-лам тIехь хир ду.
И лам, еза меттиг а хилла, дIахIуттур бу.
Якъубан цIийно шена бакъонца догIуш долу латта
тIаьхьалонна доладоккхур ду.
18 Якъубан цIийнах цIе хир ю,
Юсупан цIийнах цIеран алу хир ю,
ткъа Iесаван цIийнах ча хир ду.
И ча дагор ду.
ТIаккха цхьа а дийна вуьсур вац Iесаван цIийнах».
Иштта боху Везачу Эло.

## Делан халкъо юха а шен мохк схьабаккхар

19 «Iесаван лам къилберачу яхIудхоша дIалоцур бу,
ткъа акъарешна чуьра болчара пIелаштамхой кара а берзор бу,
Эпраймера а, Шамранера а аренаш дIа а лоцур ю.
Бен-Яманан тIаьхьено ГалIад-мохк схьабоккхур бу.
20 Исраил-мехкан къилбаседерчу агIонера махкахбаьхначеран эскаро,
юха а деана, КанаIанан латта Сарпат-гIалина тIекхаччалц дIалоцур ду,
ткъа Ярушалаймера ара а баьхна, Сапрад † цIе йолчу меттигехь баха ховшийначара
ЯхIуд-мехкан къилбера гIаланаш схьайохур ю.
21 КIелхьардаха богIуш берш
Цийон-лам тIе богIур бу Iесаван ломана тIехь олалла дан.
ТIаккха Везачу Эло Ша паччахьалла дийр ду».

† *Сапрад *– и гIала хIинцалерчу Туркойн махкахь ю.**

# Юнус

### Дешхьалхе

Делан Йозанийн вукху пайхамарех лаьцначу тептарех тера дац, хIунда аьлча кху тIехь Дала тIедиллинарг кхочуш а ца деш леллачу пайхамарх лаьцна дуьйцу. Дала элира цуьнга, исраилхойн луьрачу мостагIийн – ашурхойн коьртачу гIала Нунаве гIо аьлла. Амма Юнусана ца лаьара, Делера болу хаам а эцна, цу гIала ваха, хIунда аьлча иза тешна вара Дала, Ша и гIала хIаллакйийр ю аьлла, тесна кхерам кхочушбийриг цахиларх. Дуккха а хIуманаш цунах Iиттаделлачул тIаьхьа Юнус, Далла муьтIахь а хуьлий, дIахIутту, амма, Делера болу хаам кхочуш ца хилча, оьгIазвоьду иза.
Тептар тIехь Дала кхоьллинчу массо а хIуманна тIехь Цуьнан олалла хилар гойту. Амма уггар хьалха тептаро гойту Дела Шеца безам а, къинхетам а болуш хилар. Шен халкъан мостагIех къинхетам бо Цо, царна таIзар даран а, уьш хIаллакбаран а метта.

### Юнус Везачу Элах вадар

1 †Аматин кIанте Юнусе Везачу Элера хаам хилира:
2 «Хьала а гIаттий, йоккхачу Нунав-гIала гIо! Цигахь лелачу зуламечу гIуллакхех лаьцна хаам кхаьчна сан лерге. Нунав-гIалара бахархошна дуьхьал болу хьехамаш бе».
3 Юнус ваха новкъавелира. Амма иза Таршаш-гIалахьа дIаволавелира, Везачу Элах дIавадархьама. ХIордан йистехь йолчу Яппи-гIала а кхаьчна, Таршаш-гIала доьду хинкема карийра цунна. Мах а белла, оцу хинкеманна тIе велира иза, Везачу Элан юьхь-дуьхьлара дIавадархьама.
4 Амма Дала, хIорда тIехь чIогIа мох а балийтина, хIорд ловзабаькккхира. Хинкема дохха доллуш дара. 5 Кхерабелла, массо кемалелорхой маьхьарий хьоькхуш бара, хIораммо а шен-шен деланашка а кхойкхуш. Хинкеманан чуьра *кира* хIорда чу кхоьссира цара, кема дайдалийтархьама.
Ткъа Юнус, кеманан лаха чу а воьссина, чIогIа наб кхетта вижина Iаш вара. 6 ТIаккха цунна тIевеара хинкеманан коьрта хьаькам.
«Вижина хIунда Iа хьо? ХьалагIатта, хьайн Деле кхайкха! Хьан Далла дага а даьхкина, вай хIаллак ца хуьлуш дуьсур дац-те?» – элира цо.
7 Юххехь болчара барт бира: «Дуьйло, вай кхаж тосур бу, вайна тIе хIара бала балийнарг мила ву хаархьама», – аьлла.
Цара кхаж тесира. Юнусана белира и кхаж.
8 ТIаккха хаьттира хIордахоша Юнусе: «Дийцахь, хьенан бехк болуш беана вайна тIе хIара беза бала? Хьо хIун лелош ву? Стенгара вогIу хьо? Мичахь бу хьан мохк? Муьлхачу къомах ву хьо?» – бохуш.
9 «Со Iебархо ву. Со латта а, хIорд а кхоьллина волу Веза Эла, стигалара Дела, лоруш ву», – аьлла, жоп делира цаьрга Юнуса.
10 Iаламат чIогIа кхерабелира нах, хIунда аьлча Юнуса ша Далла дуьхьалара къайлаваларан бахьана ма-дарра дийцинера цаьрга. Наха бохура цуьнга: «ХIунда дина-те ахьа иза?»
11 Юха а хаьттира цара Юнусе: «ХIун дан деза оха хIорд дIатейтархьама?» – хIунда аьлча хIорд карзахбаьллачуьра соцуш бацара. 12 Юнуса элира цаьрга: «Со, схьа а лаций, хIорда чу кхосса, тIаккха хIорд дIатуьйр бу шуна. Суна хаьа, со бахьана долуш тIебеаний шуна хIара беза бала».
13 Ткъа хIара нах, шайгахь ницкъ мел бу гIоьртина, пийсакаш хьекха буьйлабелира, лаьтта тIе кхачархьама. Амма цунах гIуллакх ца хилира, хIунда аьлча хIорд, карзахбаьллачуьра ца соцуш, кхин а чIогIа адамашна дуьхьалбаьллера. 14 ТIаккха кхайкхира уьш Везачу Эле: «Доьху Хьоьга, Веза Эла, ма дехьа тхо хIаллак хIокху стеган са бахьана долуш. Нагахь санна хIара стаг бехке вацахь, цуьнан цIий тхох ма хьарчадехьа, хIунда аьлча Ахьа, Веза Эла, Хьайна лиъанарг дина дела», – бохуш.
15 ТIаккха цара Юнус, схьа а лаьцна, хIорда чу кхоьссира. ХIорд карзахбаьллачуьра дIатийра. 16 Iаламат чIогIа кхерабелира нах Везачу Элах. Цара сагIа а даьккхира, нигаташ а дира.

### Юнусан доIа

2 ††Везачу Эло цхьана боккхачу чIере, Юнус дIакхалла аьлла, омра дира. Кхо де-буьйса

---

† 1:1 *Сулим 14:25.*

даьккхира Юнуса оцу чIеран гай чохь. 2 Ша чIеран
гай чохь воллуш, Юнуса доIанца дийхира шен
Везачу Деле. 3 Цо элира:
«Со гIайгIанехь волуш Везачу Эле кхайкхира ас,
тIаккха Везачу Дала суна жоп делира.
Эхартара цIогIа туьйхира ас,
тIаккха хезира Хьуна, Дела, сан аз.
4 ХIордан кIоргене, хIордан даг чу кхоьссина Ахьа
со.
Хин Iовраша го бина суна.
Хьан массо тулгIенаш, со керчош,
тIехула евлла суна.
5 ТIаккха элира ас: „Хьайн бIаьргашна хьалхара
дIаваьккхина Ахь со,
амма суна юха а гур ду
Хьан Деза ЦIа“.
6 Бух боцучу хIордо къевлина со,
сан син тIе а кхаьчна, дIалаьцна со хино.
Сан коьртах
хIордан бецаш хьаьрчина.
7 Лаьмнийн буха кхаччалц
охьавеана со.
Гуттаренна а шен гIораш а доьхкина,
лаьтто дIакъевлина со.
Амма Ахьа, Сан Веза Дела,
хьалаваьккхира со бух боцучу Iин чуьра.
8 Кхин сайн тоха са ца хилча,
суна дагавеана Хьо, Веза Эла,
тIаккха Хьан Дезачу ЦIа чохь волчу Хьоьга
дIакхаьчна сан доIанаш.
9 Эрна а, харц а деланаш лоруш берш
шаьш даим дезаш волчу Делах дIакъаьстина.
10 Амма сайна тIера сагIа
сайн озаца хастам беш доккхур ду ас.
Сайн нигат а кхочушдийр ду ас.
Везачу Элан карахь ду кIелхьарвалар!»
11 ТIаккха Дала шега аьлча, боккхачу чIеро Юнус
лаьтта тIе кхоьссира.

## Юнус Нунав-гIала воьду

3 Везачу Элера шозлагIа а хаам хилира Юнусе:
2 «Вало, гIо Нунав-гIала! Цигахь, оцу йоккхачу
гIалахь, бахархошка кхайкхаде Ас хьайга бохург».
3 Дала ма-бохху, Нунав-гIала вахара Юнус. Далла
гергахь еза *шахьар* яра и Нунав-гIала. Кхаа
дийнахь некъ баллал йоккха яра иза. 4 †ТIаккха
хьалхарчу дийнахь некъ мел бало, кхайкхам беш
волавелла вахара Юнус: «Кхин шовзткъа де
даьлча, юхур йолуш ю Нунав-гIала!» – бохуш.
5 ТIаккха тийшира Делах Нунав-гIалин бахархой.
Цара кхайкхийра *марха* кхабар. Воккхачо а,
жимачо а вон тIедеача юхуш йолу бедарш ††
тIеюьйхира.
6 Нунавара паччахье а кхечира гIаланах лаьцна
беш болу хаам. ТIаккха и паччахь, шен гIанта тIера
хьала а гIаьттина, шен паччахьан духар дIа а
даьккхина, кхин, вон тIедеача юхуш йолу, бедарш
тIе а юьйхина, чим тIе охьахиира. 7 ТIаккха цо
Нунав-гIалахь омра дира: «Паччахьан а, цуьнан
гонахара куьйгалхойн а сацам иштта бу: адамаша
а, хьайбанаша а, стерчаша а, уьстагIаша а хIумма а
ма яа, цхьа а беже ма гIо, цхьаммо а хи ма мала», –
аьлла. 8 «Массо адамаша вон тIедеача юхуш йолу
бедарш тIеюха. Даьхнина тIе хIуманаш таса.
Массара а шийлачу маьхьаршца Деле а кхайкха.
ХIораммо Далла тIеверзархьама, шен зуламе некъ
а бита, шайн куьйгашца кхечарна гIело а ма е», –
аьлла. 9 «Хьанна хаьа, Дела, юха а ваьлла, вайгахьа
верзахь а, Шен нуьцкъала оьгIазло вайна тIера дIа
а яьккхина, вай хIаллак ца деш дита мега Цо».
10 ТIаккха гира Далла церан дика ойланаш а, уьш
шайн зуламечу новкъара юхабовлар а. ТIаккха
юхавелира Дела Ша царна бийр бу аьллачу
бохамна, Цо бан а ца бира царна и бохам.

## Дала къинхетам бар Юнусана халахетта

4 Юнусана иза чIогIа халахийтира, цундела иза
оьгIазвахара. 2 ‡ТIаккха цо доIанна тIехь
дийхира Везачу Эле:
«Ва Веза Эла! И дацара аса со сайн махкахь
хиллачу хенахь дийцинарг? Цундела веддерий со-м
Таршаш-гIала, хIунда аьлча Хьо дика ойла йолуш а,
къинхетаме а, Хьо атта оьгIаз ца воьдуш а, ткъа
боккха безам болуш а вуйла сайна хаьа дела. Хьо
сиха дохковолуш хуьлу, Хьайна цхьанна бохам бан
дагадеача. 3 ‡‡Ткъа хIинца, Веза Эла, дIаэцахь сан
са, хIунда аьлча суна валар гIоле ю-кх, вехачул».
4 ТIаккха Везачу Эло хаьттира: «Бакъо юй-те хьан
оьгIазваха?»
5 Цул тIаьхьа Юнус, гIалара ара а ваьлла, гIалин
йистехь малхбалехьа йолчу агIор охьахиира.
Цигахь цо шена бун йира. Оцу бун чохь IиндагIе а
хиъна, гIаланах хIун хуьлу-те бохуш, хьоьжуш Iара
иза. 6 ТIаккха Везачу Дала Юнусана хало ца
хилийтархьама а, цуьнан коьрта тIехула IиндагI
хилийтархьама а, цхьа орамат ‡‡ кхиийра. Иза
Юнусал а лакхаяьлла хьалакхиира. Юнусана и
орамат чIогIа хазъелира. 7 Цул тIаьхьа Дала иштта
нисдалийтира: шолгIачу дийнахь сатоссучу хенахь
цу ораматан бух нIаьно, баа а биъна, талхийра.
ТIаккха орамат якъаелира. 8 Малх кхетча, Дала
малхбалехьара чIогIа бовха мох балийтира.
Малхехь Юнусан корта чIогIа батталора. Цуьнан са
малделлера, тIаккха шена валар дийхира цо:
«Валар а гIоле ду-кх, иштта вехачул», – бохуш.
9 Юха а хаьттира Юнусе Дала: «Бакъо юй хьан
иштта оьгIазваха и орамат якъаялар бахьана
долуш?»
Юнуса элира: «Ю сан бакъо, со валлал чIогIа
оьгIазвахана!»

†† *2:1 Маттай 12:40.* † *3:4, 5 Маттай 12:41; Лака 11:32.* †† *Вон тIедеача юхуш йолу бедарш *– и бедарш хилла таьIначу шогачу кIадинах тегна.**

‡ *4:2: Арадаккхар 34:6.* ‡‡ *4:3 Сулим 19:4.* ‡‡ *Орамат *– иза ду касторка, цуьнан стоьмаш чохь даьтта хуьлу, шуьйра гIаш хуьлу.**

[10] ТIаккха элира Везачу Эло: «Хьуна къахетта оцу ораматах, цхьана буса хьала а яьлла, цхьана буссехь хIаллакьхилла йолчу, айхьа цунна тIехь къахьегна доццушехь, иза айхьа кхиийна доццушехь. [11] Муха хетар дац Суна къа, шайн аьтту куьг аьрручух къасто а ца хууш, бIе ткъа эзар адам а, шортта даьхни а шен чохь долуш йолчу йоккхачу Нунав-гIаланах?»

# Мика-ЯхIу

### Дешхьалхе

Мика-ЯхIу-пайхамар цIера къилберачу пачхьалкхехь болчу ЯхIуд-мехкан юьртара вара. ЕшаI-ЯхIу-пайхамаран заманахь вехаш вара иза. Iамос-пайхамаро къилбаседерчу пачхьалкхана бохам хиларан хаамаш беш ма-хиллара, иза тешара, оццу тайпана бохам ЯхIуд-махкана хирг хиларх а, нах харцахьа хиларна, Дала таIзар дийр дуйла а. Делахь а Iамос-пайхамаро беанчу хаамел Мика-ЯхIус Делера беш болчу хаамашна тIехь хиндолчух сатийсаман билгалонаш сов гуш ю.

Тептаран къаьсттина хьахо хьакъ долу дакъош иштта ду: Делан куьйгаллехь дерриг а дуьнен тIехь машар хилар (4:1-4); Даудан цIийнахь схьавогIуш волу а, къомана машар бахьаш волу а сийлахь паччахьах лаьцна хиндерг алар (5:2-5а); иштта, цхьана аята тIехь (6:8), исраилхойн пайхамарша дукхахьолахь дуьйцуш долчун жамI: «Везачу Эло хьоьга хоттун дерг... ду – нийсонца лелар, дика гIуллакхаш дезар, Далла хьалха, Цунна муьтIахь а волуш, лелар».

### Везачу Эло Мика-ЯхIуга хаам бар

**1** [†]ЯхIуд-мехкан паччахьаша – Йовтама, Ахьаза,
Хьузакх-ЯхIус – паччахьалла дечу хенахь
Муршат-юьртара волчу Мика-ЯхIуга Везачу Элера
хаам кхечира. Оцу хаамехь Мика-ЯхIуна
дIаделладелира Шамран а, Ярушалайм а цIераш
йолчу гIаланех хиндерг.

### Шамран а, Ярушалайм а гIаланех болу тийжам

2 ЛадогIа массо а халкъаша,
тергам бе лаьтто а, цунна тIехь мел долчо а!
Шуна дуьхьал теш хуьлийла сан Хьалдолу Эла,
Шен дезачу цIийнера волу Веза Эла!
3 ХIунда аьлча Шен езачу меттигера араволуш ву
Веза Эла.
Охьа а ваьлла, лаьттан лакхенаш хьоьшур ю Цо –
4 Цунна кIелахь лаьмнаш дешар ду,
цIергахь лела балоз санна,
уьш тогIеш чу текхар ду,
гуна тIера охьадогIу хи санна.
5 Якъубан тIаьхьенан аьрхалла а, Исраилан
халкъо летийна къинош бахьана долуш ду и
дерриге а. ХIун бахьаница ю Якъубан тIаьхьенан
аьрхалла? Шамран-гIалица йоьзна юй те иза? ХIун
бахьаница бу ЯхIуд-махкахь цIушна сагIа доккху
гунаш? Ярушалаймаца доьзна-м дац те иза?
6 Везачу Эло боху: «Иза бахьана долуш Ас Шамран-
гIаланах саьлнаш йийр ю аренгахь, кемсаш лелон
бен пайден хир яц и меттиг. Ас цуьнан тIулгаш
тогIи чу кхуьссур ду, цуьнан баххаш гучу а дохуш.
7 Дерриге а цуьнан Iамал еш долу суьрташ дохор
ду. Сийсаза леларна делла долу совгIаташ цIергахь
дагор ду. Ас цуьнан массо а цIуш бохабойтур бу.
ЦIуйн дуьхьа лелаш долчу кхахьпаллина цо
совгIаташ схьаэцарна, кхахьпаллина уьш кхин а
дIалур ду».
8 Юха Мика-ЯхIус элира: «Со цунна воьлхур а ву,
тийжар а ву, когаш Iуьйра а, верзинаваьлла а
лелар ву со. Со, *чангIалкх* санна, угIур ву, бухIа
санна, воьлхур ву, 9 хIунда аьлча Шамранан
чевнаш йоьрзур йолуш яц. Изза ЯхIуд-махкана а
дIакхаьчна. Ур-атталла сан халкъан кевне,
Ярушалайме а, кхаьчна иза».

### МостагIа Ярушалаймана тIевогIу

10 Иза Гати-гIалахь [††] дIа ма кхайкхаделаш, цигахь
хозуьйтуш ма делхалаш (Гати – «кхайкхо» бохург
ду). Амма Байт-Iапру олучу юьртахь шайна тIе чан
тасалаш (Iапру – «чан» бохург ду). 11 Эхь дайна,
берзинабевлла болу Шапир-гIалин бахархой,
керлачу метте дIакхалха. Цаинунехь бехаш берш а
дIабовдалур бац. (Цаинун – «довда» боху маьIна
долуш ду). Байт-Эцал-юьртахь дечу белхаро шу
цигахь соцуьйтур дац. 12 Марут-гIалин бахархой
шайна гIо даре сатесна бу, хIунда аьлча Везачу
Элера болу бохам Ярушалайман кевне кхаьчна
(Марут – цуьнан «къаьхьа» бохург ду). 13 Лахиш-
гIалин бахархой, чехка говраш дIайожа гIудалкхана
(Лахиш – цуьнан маьIна «гIудалкх» бохург ду). Шу

† *1:1 а: ТIаьххьарнаш 15:32-38; 2 Шерашкахь 27:1-7; б: ТIаьххьарнаш 16:1-20; 2 Шерашкахь 28:1-27; в: ТIаьххьарнаш 18:1–20:21; 2 Шерашкахь 29:1–32:33.*

†† *Гати... Байт-Iапру *– кхузахь ирони ю. Оцу аяташкахь пайхамаро дуьйцу цхьайолчу гIаланех а, яртех а лаьцна. Церан шатайпа цIераш яра, ткъа и цIераш шайн-шайн маьIнаш долуш ю.**

Ярушалайман бахархойн къинойн юьхьиг ю, хIунда аьлча шуна тIера дIадоладелла Исраилан халкъан зуламаш. [14] Иштта аша Муршат-Гати-гIала совгIаташ дIакхоьхьуьйтур ду, амма Ахзиб-гIала Исраил-мехкан паччахьаш Iехорна хир ю (Муршат – цуьнан маьIна «зудчух луш болу там» бохург ду).

[15] Марешера бахархой, Ас шу мостагIчун кара дIалур ду (Мареш – цуьнан маьIна «толамхо» бохург ду). Исраилан халкъан куьйгалхой, бевдда, Iадулам-хьехана чохь къайлабевр бу. [16] Дукха дезачу шайн берашна шаьш гIайгIанехь хиларна, шайн коьртара месаш дIаяша. Шу долчуьра уьш махках бохург хиларна, ломъаьрзунан санна, шайн кортош дерзина даха.

## ГIело ечарна хинболу бекхам

2 Декъаза бу хьарамдерг дагалаьцнарш, шаьш Iохкучу меттахь зулам дан дагадеанарш. И зуламаш Iуьйранна сатосуш кхочушдо цара, шайн карахь ницкъ болу дела. [2] Аренаш шайна езалахь – уьш нуьцкъаха схьайоху цара. Дезалой цIенош – уьш а схьадоху. Адам а, цуьнан цIа а, стаг а, цуьнан бахам а чIанабоккху.

[3] Цундела Везачу Эло иштта боху: «ХIинца Ас хIокху тайпана, цуьнга шен кочара цкъа а дIабаккхалур боцу, бохам бан дагалаьцна. Кхин цкъа а шайн корта хьалаайина лелалур бац уьш, хIунда аьлча хIара зама луьра ю. [4] Оцу дийнахь шух лаьцна тийжамаш бийр бу, шийлачу маьхьаршца белхарш дийр ду. Цара бохур ду:

„Тхо кхоччуш дохийна!

Везачу Эло сан халкъан дакъа кхечарна дIаделла.

Иза соьгара схьадаьккхина ма ду!

Тхан аренаш а тхуна талор динчу хийрачу нахана дIасаекъна Цо“».

[5] Иштта Везачу Элана хьалха болчу гуламехь, латта доькъучу хенахь, цунах дакъа схьаэца хьан цхьа а хир вац.

[6] Наха боху: «Пайхамаралла ма де, хIай пайхамарш! Ма де тхуна пайхамаралла. Тхо сийсаздаьхна хир дац». [7] Ва Якъубан цIа олург! Везачу Элан собар кхача-м ца дина те? Иштта гIуллакхаш билггал дийр ду те Цо? Нийсо лелочарна дика там ца хуьлу те Цуьнан дешнех?

[8] «Хьалха Сан хилла долу халкъ, мостагIа санна, дуьхьалдаьлла. Ткъа аша тIамера юхабоьрзучу, машаре шайна тIехбовлучу нехан тIехулара а, чухулара а бедарш схьайоху. [9] Сан халкъан зударий церан исбаьхьачу цIенош чуьра арабоху аша. Церан берашкара гуттаренна схьадоху аша Сан декъалдарш. [10] ХьалагIовтта, дIагIо, хIунда аьлча хIара мохк – синтем болу меттиг яц. Цо лелош йолу хьарамлонаш бахьана долуш, къиза бохор болуш бу иза.

[11] Нагахь санна цхьана даьсса къамелаш дечо, аьшпаш а кхоьллина: „Ас чагIарх а, нихах а лаьцна хаамаш бийр бу“, – аьлча, цунах хIокху халкъана тамехь волу пайхамар хир ву.

[12] Ас Якъубан цIа билггал схьагулдийр ду. Ас Исраилан халкъах диснарг а билггал схьагулдийр ду. Аса уьш, жоьлахь уьстагIий санна, даьхнин кертахь жа санна, цхьаъ а дина, цхьаьнатухур бу. Цара шаьш дукха хиларна гIовгIа йоккхур ю».

[13] Царна хьалх�хула, пенаш а дохош, Дела чекхвер ву. ГIалин ков доха а дина, арабевр бу уьш. Церан паччахь царна хьалхаваьлла дIагIур ву. Ткъа церан коьртехь Веза Эла хир ву.

## Исраилан халкъан баьччанаш Iорабахар

3 ТIаккха ас элира: «ЛадогIа, Якъубан тIаьхьенан тхьамданаш, Исраилан халкъан куьйгалхой! Шу дац ткъа бакъдерг хаа декхарийлахь? [2] Шуна-м дика ца деза, шуна вон деза. Аша адамашна тIера цIока йоккху, ткъа церан даьIахкаш тIера дилха доккху. [3] Сан халкъан дилха аша доу, царна тIера цIока йоккху, ткъа церан даьIахкаш кегйо. Кхаби чу кхуьссуш санна, оту, ткъа жижиг, яй чу тосуш санна, хедадо». [4] ТIаккха уьш Везачу Эле кхойкхур бу, амма Цо жоп лур дац царна. Цу дийнахь Цо Шен юьхь дIаерзор ю царах, цара зулам дина дела.

[5] Сан халкъ тилош болчу пайхамарех лаьцна Везачу Эло иштта боху: «Шайна кхаъ кхаллочарна цара машар кхайкхабо, ткъа шайн бага хIума ца юьллучарна цара тIом дIахьебо. [6] Цундела хIуттучу суьртийн метта, шуна буьйса хир ю, хиндолчух лаьцначу билгалонийн метта, Iаьржа бода хир бу. Пайхамаршна малх а къайлабер бу, де а кхулур ду. [7] Хиндерг хуучарна эхь хетар ду, палтуьйсурш а юьхьIаьржачу хIуьттур бу. Цара массара а шайн батош дIакъовлур ю, хIунда аьлча царна Делера жоп хир дац».

[8] Ткъа со Везачу Элан Синах, бакъдолчух а, чIагIонах а вуьззина ву Якъубан тIаьхьене цуьнан зуламаш а, Исраилан халкъе цуьнан къинош а дIадийцархьама. [9] ЛадогIа соьга, Якъубан тIаьхьенан тхьамданаш, Исраилан халкъан куьйгалхой, бакъйолчу кхелах ца дешарш, нийса мел дерг гам дийраш, [10] Цийон-лам тIера Ярушалайм цIийца а, харцдолчуьнца а хьалахIоттош дерш! [11] Церан тхьамданаша кхаьънаш эцарца кхел йо, ткъа динан дайша шайна мах белча хьоьху. Церан пайхамарша а ахчанах пайхамаралла до. Шаьш иза дечу хенахь Везачу Элана тIетевжа уьш: «Веза Эла вац ткъа вайна юкъахь? Вайна тIе бала богIур ма бац!» – бохуш.

[12] [†]Цундела шу бахьана долуш Цийон-лам, аре санна, охур бу, ткъа Ярушалаймах тIулгийн оьла хир ю, *Делан цIа* тIехь лаьттинчу лам тIе хьун ер ю.

† *3:12 Ярми-ЯхIу 26:18.*

### Везачу Элан дуьнен тIехь долу машаран паччахьалла
(ЕшаI-ЯхIу 2:2-4)

4 ТIаьхьарчу деношкахь иштта хир ду:
Везачу Элан цIийнан лам
массо а лаьмнийн коьрте дIахIоттор бу.
Иза массо а баьрзнел лакхабер бу,
ткъа цунна тIе халкъаш оьхур ду.
2 Дуккха а халкъаш тIедогIур ду. Цара эр ду:
«Схьадуьйла, вай Везачу Элан лам тIе а,
Якъубан *Делан цIа* долчу а хьаладевр ду.
Везачу Эло вайна Шен некъашца лела хьоьхур ду.
ТIаккха вай, Цуьнан некъашца а лелаш, дехар ду».
ХIунда аьлча *товрат-хьехам* Цийон-лам тIера схьабер бу,
ткъа Везачу Элан дош Ярушалаймера схьадер ду.
3 †Цо дукха халкъашна юкъахь маслаIат дийр ду,
генарчу мехкашкахь дукхачу къаьмнашна юкъара къовсамаш совцор бу.
ТIаккха цара шайн таррех хьонхалш бийр бу,
ткъа гоьмукъех маьрсаш дийр ду.
Цхьана халкъо вукху халкъана тIе тур ойур дац.
Уьш тIом бан кхин Iемар бац.
4 ††Амма хIорра а шен-шен кемсийн таьллангана кIел а,
шен-шен инжиран дитта кIел а хиъна Iийр ву.
Царна цхьаммо а кхерамаш туьйсур бац,
хIунда аьлча массо а ницкъийн Везачу Эло аьлла иза.
5 Массо а халкъаш шайн деланийн дуьхьа лелаш
ду. Ткъа вай вешан Дела волчу Везачу Элан дуьхьа
лелар ду абаденналц.

### Исраилан халкъ йийсарера юхадерзар

6 «Оцу дийнахь, – боху Везачу Эло, – Ас астагIнаш
схьагулбийр бу, генна дIасалаьхкинарш а, Айса
бохам тIебаийтинарш а цхьаьнатухур бу. 7 Ас
астагIчарах халкъан дисина дакъа дийр ду, ткъа
генна дIасабаржийначарах онда ницкъ болу халкъ
дийр ду. Везачу Эло Цийон-ломахь олалла дийр ду
царна тIехь оцу хенахь дуьйна абаденналц.
8 Ткъа хьо, жен бIов, Цийон-ломан йоIан чIагIо!
Хьан хьалхалера олалла, хьуна юха а деана, хьоьга
юхадоьрзур ду. Паччахьалла Ярушалайман йоIе
доьрзур ду». 9 Стенна хьоькху ахь и шийла мохь?
Паччахь вац ткъа хьан? Я хьо цхьа а хьехамча
воцуш-м ца йисина, берах хьийзош ерг санна,
лазарша сел чIогIа дIалаццал? 10 Цийонан йоI,
холчу хIотта, бер дечу зудчо санна, лазарех
баланаш хьега, хIунда аьлча хьо хIинца, гIалара
ара а яьлла, аренгахь ехар ю. ТIаккха хьо Бавел-
гIала кхочур ю. Хьо цигахь кIелхьаръер ю. Везачу
Эло хьо цигахь хьан мостагIийн мехах карара
паргIатйоккхур ю. 11 Ткъа хIинца-м дукха халкъаш
хьуна дуьхьалдовла схьагулделла. Цара боху:
«Сийсазъяьккхина хуьлийла иза! БIаьрг бузийла
вайн Цийон-ломе а хьежна!» 12 Амма Везачу Элан
ойланаш царна ца евза, Иза дан воллучух а уьш ца
кхета. Цо, хьаьтта цIевнаш санна, шаьш
схьагулдина хиларх а ца кхета.
13 Везачу Эло боху: «Цийонан йоI, хьалагIатта,
ялта ара! ХIунда аьлча Ас, аьчка маIаш а, цIестан
бергаш а йолу сту санна, онда хуьлуьйтур ю хьо.
Ахьа дукха халкъаш хIаллакдийр ду. Ахь цара
нахера дIадаьккхинарг а, церан хьал а дерриге а
дуьненан Олахо волчу Везачу Элана дIалур ду».

5 Ярушалайман халкъ, мостагIашна
дуьхьалдаккха хIинца хьайн эскар! Вайна го
лаьцна. Исраил-мехкан куьйгалхочунна юьхь тIе
Iаса еттар ю.

### Дала леррина Къобалвинчуьнга сатийсар

2 ‡«Хьо а, Эпратера йолу Байтлахам-гIала, ЯхIудан
махкарчу гIаланашна юкъахь уггаре а кIезигниг
елахь а, хьох вер ву Суна Исраилан къомана
куьйгалхо хин волу цхьаъ. Цуьнан схьавалар ду
дуьне доладелчхьана, азалера».
3 Цундела Везачу Эло Исраилан халкъ церан
мостагIийн кара дIалур ду, берах йолчо бер
даллалц а, халкъах къаьстина вежарий исраилхойх
дIакхетталц йолчу ханна. 4 ТIаккха Цо, хьала а
гIаьттина, Везачу Элан ницкъаца а, Шен Везачу
Делан цIеран сийлаллица а и халкъаш дажор ду.
Уьш кхерам боцуш дехар ду, хIунда аьлча Иза оцу
хенахь дуьненан йистошка дIакхаччалц сийлахь
хир ву. 5 Цуьнца машар хир бу.

### ПаргIатдовлар а, таIзар дар а

Ашурхой, вайн махка чу а баьхкина, вайн гIепаш
а кегъеш, чекхбевлча, вай царна дуьхьал тIом бан
вешан нуьцкъала тхьамданаш бохуьйтур бу ‡†.
6 ‡‡Цара Ашуран лаьтта тIехь туьраца, ткъа
Намрадан лаьтта тIехь даьккхинчу туьраца олалла
дийр ду. Ткъа Цо вай ашурхойх паргIатдохур ду,
уьш вайн лаьтта тIе а, вайн дозанашка а бевлча.
7 Якъубан халкъах дисина дакъа дуккха а долчу
халкъашна юкъахь Везачу Элера долу тхи санна а,
баца тIе догIу кхевссина догIа санна а хир ду.
Дисина долу и халкъ адамах дозур а дац, цунах
тешна Iийр а дац. 8 Якъубан халкъах дисина дакъа
халкъашна юкъахь, дукхачу къаьмнашна юкъахь,
хьуьнан акхарошна юкъахь лом санна, уьстагIийн
жена юкъахь къона лом санна хир ду. Ша
дуьхьалдаьлча, цо хьоьшу, цоьсту. Цхьаьнгге а
цунах кIелхьарваккхалур вац. 9 Хьан куьг

† *4:3 ЕшаI-ЯхIу 2:4; Юал 3:10.* †† *4:4 Закри-ЯхIу 3:10.*

‡ *5:2 Маттай 2:6; Яхьъя 7:42.* ‡† *Вай царна дуьхьал тIом бан вешан нуьцкъала тхьамданаш бохуьйтур бу *– ма-дарра аьлча, тептар тIехь иштта дIаяздина ду: *вай цунна ворхI Iу а, бархI тхьамда а дуьхьалвоккхур ву. *Цу терахьаша Iебархойн маттахь гойту хIума дийнна а, нуьцкъала а хилар.** ‡‡ *5:6 Доладалар 10:8-11.*

мостагIашна тIе айалур ду, уьш берриш а ахь
хIаллакбийр бу.
10 «Оцу дийнахь иштта хир ду, – боху Везачу Эло, –
Аса хьан дой а хIаллакдийр ду, гIудалкхаш а йохор
ю. 11 Ас хьан лаьтта тIера гIаланаш а хIаллакйийр
ю, хьан массо а чIагIонаш а йохор ю. 12 Хьан карахь
болу жинашца тайнарш а хIаллакбийр бу,
палтуьйсурш а хьан хир бац кхин. 13 Ас хьан цIуш
бохор а бу, харцделанашна хIиттийна тIулгаш
хьуна юкъара хIаллакдийр а ду, кхин Iамал йийр яц
ахь хьайн куьйгашца йинчу хIуманашна. 14 Ас хьо
дехачуьра Ашера-далла лерина долу дечиган хьан
бIогIамаш дIадохур ду, ткъа хьан гIаланаш йохор
ю. 15 Ас муьтIахь доцучу халкъашна Сайн
оьгIазаллехь а, эргIадаллехь а бекхам бийр бу».

### Везачу Эло Исраилан халкъе бехк баккхар

6 ЛадогIа Везачу Эло бохучуьнга:
«ХьалагIатта, лаьмнашна хьалха довзийта
хьайн гIуллакх, баьрзнашна дIахозийла хьан аз!»
2 ЛадогIа, лаьмнаш, Везачу Элан гIуллакхе!
Лаьттан онда бух, ахьа а ладогIа! ХIунда аьлча
Везачу Элан цхьа къовсам бу Шен халкъаца. Цо
Исраилан халкъе бехк боккху.
3 «Сан халкъ! ХIун вон динера Ас хьуна? ХIун гIело
йинера Ас хьуна? Схьадийцал Соьга. 4 †Ас, Мисар-
махкара ара а даьккхина, лоллин цIийнера мехах
паргIатдаьккхира хьо. Ас хьуна хьалхабевлла
бахийтира Муса а, АхIарон а, Марем а. 5 ††Сан
халкъ! Дагадаийтахьа Муаби-мехкан паччахьо
Балакха дагалаьцнарг. Цуьнга хIун жоп делира
БеIаран кIант волчу БалиIама? ХIун хуьлура
Шитимера Галгале кхаччалц, Делан бакъдолу
гIуллакхаш хьуна довзийтархьама?»

### Везачу Элана жоп далар йиш цахилар а, Везачу Элан хьехар а

6 «Стенца дIахIотта веза со Везачу Элана, стигалан
Далла, хьалха, со Цунна Iамал ян веача? Шаре
девлла эсий а далош, дийнаташ дагоран сагIанца
дIахIотта те со Цунна хьалха? 7 Амма эзарнашкахь
кой дайарх я барам боцуш дукха татолашкахь
зайтдаьтта Iенадарх там балур буй те Везачу
Элана? Сайн дуьххьарлера доьзалхо лой те ас
Цунна сайгара даьллачу зуламна тIера, сайн
кийрара схьабаьлла стом лой те ас Цунна сайн
синан къиношна тIера?» 8 Ва адам! ДIахаийтина-кх
хьоьга диканиг хIун ду а, Везачу Эло хьоьга хоттун
дерг хIун ду а. Иза ду – нийсонца лелар, тешаме
хилар дезар, шен кIезигалла а хууш, хьайн Делаца
лелар.
9 Везачу Элан аз ду гIалане кхойкхуш, (ткъа Хьуна
хьалха ларамах буьзна хилар хьекъалалла ду): «Ва
къам а, гIалахь гулбинарш а, ладогIа! ‡10 ХIинца а ю
те Iесачийн цIеннош чохь харцахьаяьхна хазнаш а,
сел дегаза долу харц сахь а? 11 Нийса хир дуй те ас
харц терза а, харц герканаш чохь йолу тIоьрмаг а
магийтича? 12 ГIалин хьолахой къизаллах буьзна
бу. Цуьнан бахархоша аьшпаш буьтту,
харцметтанаш ду церан багахь. 13 Ас-айса хьо, тоха
а тухуш, лазор ю. Хьан къинош бахьана долуш, Аса
хьо яссор ю. 14 Ахьа яа хIума юур ю, амма хьо юзур
яц. Хьан кийра бассабелла хир бу. Хьайн долуш
дерг лардийр ду ахь, амма хIумма а ларлур дац
хьоьга, ткъа лардинарг а Ас туьра кIел дохуьйтур
ду. 15 Ахь ялта дIадуьйр ду, амма иза хьоккхур дац.
Зайтдиттан стоьмех даьтта доккхур ду, амма цунах
пайда оьцур бац, кемсех мутта доккхур ду, амма
чагIар мер дац. 16 ‡†Iумари-паччахьан парзаш а,
Ахьаб-паччахьан цIийнан массо а гIуллакхаш а ахь
лардарна а, церан ламасташца шу леларна а, Ас
хьо, йохийна, яссор ю, ткъа хьан бахархой, шок а
лоьккхуш, боьлуьйтур бу. Сан халкъан сийсазалла
ахь а хьоьгур ю».

### Исраилан халкъан эхь-бехк дар

7 Декъаза ю со! ХIунда аьлча хIинца суна
хилларг – аьхка схьалахьийначу стоьмех а,
схьаяьхначу кемсех а тера ду: яа цхьа а кемсийн
хорха а яц, со хьоьгуш йолчу мерзачу инжирех
цхьа а яц. 2 Далла тешаме берш махкахь ца бисина,
догцIенанаш а бац адамашна юкъахь. Массара а
кIело йина, цIий Iанорхьама. ХIорра а шен вешина
речIа югIуш ву. 3 Церан куьйгаш зуламаш дан говза
ду. Хьаькамаша шайна совгIаташ далар
тIедожийна, кхелахошна кхаьънаш ийдо. Карахь
Iедал долчу наха шайн лаамаш схьахоуьйту. Уьш
массо а цхьа барт беш бу. 4 Царах диканиг коканан
колл санна ву, нийсо лелош верг – кIохцалийн
кертал а оьшуш ву. Дала халкъана таIзар ден долу
де тIекхочуш лаьтта. ХIинца уьш боьхна хьийзар
бу. 5 Вовшех а ма теша, доттагIчух тешна а ма Iе.
Айхьа олу дош ларде хьайна юххехь Iуьллучух.
6 ‡‡ХIунда аьлча кIанта да сийсазвоккху, йоI шен
нанна дуьхьалйолу, нус шен марнанна
дуьхьалйолу, стеган цIеранаш цуьнан мостагIий
хуьлу.
7 Амма сох лаьцна аьлча, со сайн Веза Эла варе
хьоьжур ву, со сайн кIелхьарваларан Деле
сатуьйсуш хир ву. Сан Далла со дIахезар ву.

### Везачу Эло кIелхьардовлар дахьа

8 Со бахьана долуш воккха ма ве, сан мостагIа! Со
охьавоьжнехь а, хьалагIоттур ву. Со боданехь
велахь а, Веза Эла суна серло ю. 9 Далла хьалха
айса къинош летийна дела, ас Цуьнан оьгIазло
дIакхоьхьур ю, сан гIуллакх цхьалха а даьккхина,
суна тIехь Цо кхел яллалц. ТIаккха Цо со серлонга
воккхур а ву, суна Цуьнан нийсо а гур ю. 10 Сан

† *6:4 а: Арадаккхар 12:50, 51; б: Арадаккхар 4:10-16; в: Арадаккхар 15:20.* †† *6:5 а: Лелар 22:2–24:25; б: Якъуба 3:1–4:19.* ‡ *Ва къам а, гIалахь гулбинарш а, ладогIа! *– я иштта: *ЛадогIа гIоже а, иза ДIахIоттийначуьнга а.**

‡† *6:16 а: Сулим 16:23-28; б: Сулим 16:29-34; 21:25, 26.* ‡‡ *7:6 Маттай 10:35, 36; Лака 12:53.*

мостагIчунна а гур ду иза. «Мичахь ву хьан Веза Дела?» – соьга баьхна волу иза юьхьIаьржачу хIуттур ву. Сан бIаьргаш Iебар бу, урамашкара хатт санна, иза хьоьшуш гича. 11 Хьан пенаш дIахIиттон де тIекхочуш ду, хьан дозанаш къасторан де ду иза.

12 Оцу дийнахь Ашур-махкара, Мисар-мехкан гIаланашкара, Мисарара Эпрат-хина тIе, хIордана тIера хIорда тIе, ломана тIера лам тIе дIакхаччалц богIур бу хьуна тIе. 13 Ткъа оцу лаьттах яьсса аре хир ю, цуьнан бахархойн бехкана а, церан гIуллакхийн тIаьхьенаш бахьана долуш а.

### Везачу Эло Исраилан халкъах бина къинхетам

14 Хьайн халкъ, дежийлашна юкъахь йолчу хьуьнхахь шаьш дехаш долу Хьан тIаьхьенан уьстагIий, Хьайн коьжалгаца дажадехьа. Дежийла уьш, ширачу заманахь санна, Башанехь а, ГалIадехь а!

15 Мисар-мехкан лаьттара хьо арадоккхучу деношкахь санна, иштта инзаре гIуллакхаш гойтур ду Везачу Эло цунна.

16 Уьш гича, шаьш мел нуьцкъала делахь а, халкъаш озалур ду. Цара шайн батош дIакъовлур ю, церан лергаш къорлур ду. 17 Цара ченаш тIе мотт хьоькхур бу, лаьхьано санна. Уьш шайн чIагIонаш чуьра арадевр ду, лаьттан нIаьний санна. Уьш вайн Везачу Далла тIе бегош боьрзур бу, Хьох кхоьруш а хир бу. 18 Муьлха Дела ву Хьо санна къиношна гечдеш а, Хьан долчу халкъах бисинчеран зуламашна къинтIера волуш а? Хьо даим вац оьгIазвахана вуьсуш, амма Хьуна къинхетам бан хазахета.

19 Хьо юха а хир ву тхоьца къинхетаме. Ахьа тхан харцонаш, хьаьшна, дIашарйийр ю, Ахь кIорггачу хIорда чу кхуьссур ду тхан массо а къинош.
20 Якъубан тIаьхьенна Хьо тешаме хир ву, ИбрахIиман тIаьхьенна Ахь къинхетам дIагойтур бу. Иза тхан дайшна юьхьанца дуьйна Ахьа *ваIда* деш лур ду аьлларг ду.

# Нахьум

### Дешхьалхе

байтан кепехь ду. Цу тӀехь Нунав-гӀала йожор бахьана долуш адамаш даккхийдеш хилар гойту. Иза заманашкара дуьйна хилла болчу а, чӀогӀа ницкъ бина болчу а исраилхойн мостагӀий болчу ашурхойн коьрта гӀала яра. ГӀала йожор Ӏийса дуьнен тӀе валале ворхӀалгӀачу бӀешеран тӀаьххьарчу декъехь хилла. Къизачу а, дегалчу а къомана Дала дина таӀзар санна гуш ду Нунав-гӀала йожор.

1 †Нунав-гӀалина дуьхьал Делера болу хаам.
Элкхушахо волчу Нахьумна Дала хӀоттийначу суьртах лаьцна долу тептар.

### Дела Нунав-гӀалина оьгӀазвахар

2 Веза Эла – эмгаралла йолу Дела а, бекхамхо а ву.
Бекхам бийриг а, дераллах вуьзнарг а ву Иза.
Шена дуьхьалболчарна бекхам а бо Цо,
мостагӀашна дуьхьал моха а латтайо Цо.
3 Веза Эла атта оьгӀаз а ца воьду,
Иза Шен ницкъаца сийлахь ву.
Цо бехк таӀзар ца деш а ца буьту.
Йилбазмохехь а, дарцехь а ду Везачу Элан волавалар,
мархаш – Цуьнан когаша хьалайоккху чан санна ю.
4 Цо омра дича, хӀорд а бакъало,
дерриг хиш а лекъа.
Башан-мохк а, Кармал-лам а маргӀалбулу,
Ливанун-ломан зазанаш дакъало.
5 Цунна хьалха лаьмнаш а дегадо,
баьрзнаш а деша.
Цуьнан юьхьа хьалха латта а,
дерриг а дуьне а, дуьнен чохь
мел дехарг а дегадо.
6 Мила латталур ву, Иза эргӀадвахча?
Хьан ловр ю Цуьнан чӀогӀа йолу оьгӀазалла?
Цуьнан дералла яьлла цӀе санна хиларна,
тархех Цунна хьалха чан хуьлу.
7 Веза Эла ма дика ву.
Бохам тӀебеача, Иза дӀалочкъийла ву.
Шех бӀобулучарна Ӏуналла до Цо.
8 Амма дерриге а дӀахьулдечу хин дестаро санна,
Цо кхоччуш дӀайоккхур ю Нунав-гӀала ††.
Шен мостагӀий Цо бодане дӀахьулбойтур бу.
9 ХӀун дагадеана шуна Везачу Элана дан?
Цо шу кхоччуш хӀаллакдийр ду!
ШолгӀа шуна бохамаш бан оьшур дац.
10 Коканан колл санна, вовшахъхьаьрчина болу мостагӀий,
баххалц мелла болу маларчаш санна, хӀаллакбина хир бу,
дагийна декъа ча санна, берриш а хӀаллакбина хир бу.
11 Везачу Элана дуьхьал зулам дан дагалаьцнарг
а, мекара хьехам бинарг а хьох схьаваьлла, Нунав-
гӀала. 12 Везачу Эло иштта боху: «Ашурхой
нуьцкъала а, дукха а белахь а, уьш хӀаллакбина
дӀабохур а бу, уьш къайлабевр а бу. ЯхӀудан халкъ,
Ас хьуна хӀинццалц халонаш йинехь а, кхин
халонаш йийр яц. 13 ХӀинца Ас хьуна тӀехь долу
церан дукъ дохор ду, хьан буржалш а йохор ю».
14 Ткъа хьуна, Ашуран къам, Везачу Эло хӀара
билгалдаьккхина: «ХӀинца чул тӀаьхьа кхин хӀу хир
дац хьан цӀе йоккхуш. Хьан деланийн цӀийнара
дечиган а, лалийна бина болу а цӀуш хӀаллакбина
дӀабохур бу Ас. Ас хьуна каш кечдийр ду, хьо
мехала хӀума йоцу дела».
15 ‡Хьажал, *хаза кхаъ* бахьаш волчу а, машар
дӀакхайкхош волчу а геланчин когаш
лаьмнашкахула схьабогӀу! ЯхӀудан къам, хьайн
деза денош дазде, хьайн ваӀданаш а кхочушде.
ХӀинца чул тӀаьхьа Ӏесанаш хьан махка кхин
чугӀертар бац, уьш кхоччуш хӀаллакбина дела.

### Нунав-гӀалина тӀелатар

2 Бохам бийриг хьуна дуьхьалгӀаьттина,
ва Нунав-гӀала!
Ӏалашъе хьайн чӀагӀонаш,
ларбе хьайна тӀебогӀу некъ,
хьайн гӀодаюкъ ехка,
схьагулбе ницкъ.

† *1:1–3:19 ЕшаӀ-ЯхӀу 10:5-34; 14:24-27; Цапни-ЯхӀу 2:13-15.*
†† *Ӏебархойн тептар тӀехь: *Цо кхоччуш дӀайоккхур ю Нунав-гӀала. *Грекийн гочдар тӀехь: *Шена дуьхьалбевлларш кхоччуш чаккхенга балор бу Цо.**
‡ *1:15 ЕшаӀ-ЯхӀу 52:7.*

2 Веза Эла Якъубан тIаьхьенан сийлалла меттахIотто воллу,
Исраилан халкъан сийлалла меттахIоттор ю,
бохам бечара церан латта дассийна делахь а,
церан кемсийн гаьннаш хIаллакдина делахь а.
3 Церан эскархойн турсаш цIен ду.
Церан тIемалой цIен духар дуьйхина бу.
ЦIе санна лепаш ду церан гIудалкхийн эчиг
тIамана кечам бинчу дийнахь,
техкаш ю гоьмукъийн хьун.
4 ГIудалкхаш урамашкахула дIасахьаьдда,
майданашкахь къевкъа уьш.
Царах, цIарах санна, лепар схьадолу,
къега уьш, секхаIад санна.
5 Куьйгалхочо шен тIеман хьаькамаш схьакхойкху,
амма церан болар тийсало.
ГIалин пенашна тIекхача сихбелла уьш,
амма хIинцале а дIахIоттийна бу
гIалин ков харцош болу бIогIам
беттачеран ларйо хIума.
6 Хин кевнаш дIаделлалуш ду,
паччахьан цIа хIаллакьхуьлуш ду.
7 Сацам бина бу.
Зуда-паччахь ерзина йийсаре дIаюьгуш ю.
ГIарбашаш, кхокхарчий санна, узарш деш бу,
сингаттамца шайн накхош тIе буйнаш а детташ.
8 Нунав-гIала ша мел ю
хих буьзна Iам санна яра,
ткъа хIинца цуьнан нах бовду.
Совцийша! Совцийша! Амма
цхьа а юха ца хьожу.
9 ДIасадаккха дети, дIасадаккха деши!
Цхьана а езачу пхьегIан тIаьхьалонан йист хедаш яц.
10 Иза талораш дина, яссийна, хIаллакйина.
Дог деша, голаш егайо.
Массеран меженаш чохь онда лазар ду.
Массеран яххьаш макхъелла.
11 Мичахь бу хIинца лоьмийн бен а,
лоьмийн кIорнеш кхобуш йолу меттиг а
цхьаммо а ца кхерош лом-нана а,
лоьман кIорнеш а лелла йолу?
12 КIорнеш тоъал юзорхьама катухура лоьмо,
лом-нанна кхача балархьама са дукъадора,
шен хьехаш ижух а юзуш,
оьрнаш катоьхначух а дузуш.
13 «ХIинца Со ву хьуна дуьхьалваьлла! – боху Везачу Эло. – Хьан гIудалкхаш Ас кIур бина ягор ю. Хьан лоьман кIорнеш туьро юур ю. Хьан хIонс а дIайоккхур ю Ас лаьтта тIера. ХIинца чул тIаьхьа кхин хезар дац хьан геланчийн аьзнаш».

## МостагIаша Нунав-гIала йоккху

3 Бохам тIебогIу цIийх юьзначу гIалина!
Харцдолчух а, схьаяьккхина хIонсах а юьзна ю иза,
талораш дар а соцуш дац цигахь.
2 Шад еттар а, хьийзачу чкъургийн тIак а,
юм еш йогIучу говрийн татанаш а,
хахкаеллачу гIудалкхан гIовгIа а ю хезаш.
3 Хахкаелла йогIу дошлойн говраш,
къегаш ду тур, лепа *гоьмукъ*.
Шортта белларш бу, декъийн оьланаш ю.
Декъийн йист яц, оцу декъех тийсало.
4 Иза Нунав-гIалин лелар бахьана долуш ду.
И гIала, хаза куц долу кхахьпа санна, сийсаза лелара,
жинашца тайна хилар тIехь уггар а говза йолу,
шен сийсаза леларца халкъаш духкуш йолу,
шен жиналлица тукхамаш духкуш йолу.
5 «ХIинца Со ву хьуна дуьхьалваьлла! – боху Везачу Эло. –
Ас хьан бедаран юх хьан юьхь тIе озор ю.
Ас халкъашна хьан ерзина ялар,
ткъа пачхьалкхашна хьан сий дайна хилар дIагойтур ду.
6 Ас боьха дерш тIекхуьйсур ду хьуна,
хьох Сан дог мел далар а гойтуш,
Ас нах кхардийта дIахIоттор ю хьо.
7 Хьо гича, муьлххачу а стага, хьох дIа а воьрзуш,
эр ду: „Йохийна Нунав-гIала!
Хьенан хир бу цунах лаьцна дагахьбаллам?
Мичара карор бу Суна хьан дог оьцурш?“»

## Бахархошка Нунав-гIала лар ца яло

8 Ну-Амин-гIаланал † гIолехь-м яц хьо, хиша го а
бина, Нил-хина юххехь йолчу? Хих цунна чIагIо
хилла, хи цунна гIалин пен санна хилла. 9 *Хуша* а,
Мисар-мохк а хедар боцу цуьнан ницкъ хуьлура.
ПIатIа а, Лива-мохк а цуьнга гIо лаца богIура.
10 Амма иза кхечанхьа яьккхина, иза а йийсар дина
ю. Цуьнан кегий бераш урамаш вовшах мел
кхетачохь кегдина, ткъа церан цIеяхначарах
лаьцна кхаж туьйсура, церан хьалдолу нах
буржалш тоьхна бу.
11 Иштта хьо а, Нунав-гIала, яха а ехна, къайлаер
ю. Иштта ахьа а, хьайн мостагIех дIа а едда,
дIалечкъийла лоьхур ю. 12 Хилла стоьмаш долчу
инжирийн диттех тера ю хьан ерриге а чIагIонаш.
Нагахь санна и дитт дегадахь, и стоьмаш кхалла
луучунна нийсса бага оьгур бу. 13 Хьайн эскаре
хьажал! Хьан тIемалой зударех тера хир бу!
МостагIий хьан махка чугIурту кевнаш шуьйра
схьаделладелла лаьттар ду. Церан гIораш цIеро
дIакхаьллина хир ду. 14 Хьайна го лоцучу ханна хи
кечде, хьайн чIагIонаш чIагIъе, хотта юкъа гIо,
поппар хье, кибарчигаш еш йолу кепаш кечъе.
15 Цигахь цIеро хIаллакйийр ю хьо, туьро цоьстур ю
хьо. ЦIазо ялта дIакхалларе терра, хьо а йиъна
дIайоккхур ю!
Къона а, доккха а цIоз санна, дебаш хила! 16 Хьан
совдегархой стигалара седарчел а алсамбевлла бу.
Уьш, къона цIоз санна, цIока дIа а яьккхина,
хьалаоьху. 17 Хьан куьйгалхой доккха цIоз санна бу.

† *Ну-Амин-гIаланал *– хьалхалерчу заманахь иза Мисар-мехкан коьрта гIала хилла.**

Хьан баьччанаш, шелъелча, пенийн хераллашкахь
бенаш деш долчу цIазан жIуга санна бу. Амма малх
кхетча, уьш, тIема а йовлий, дIасайоьлху, тIаккха
цхьанна а ца хаьа уьш стенга яхана.
[18] Ашур-мехкан паччахь, хьан Iуналла дийраш
самабевр боцу наб еш бу, хьан баьччанаш
гуттаренна а бийшина бу. Хьан халкъ
лаьмнашкахула дIасадаьржина. Цхьа а вац иза
схьагулдан. [19] Хьан чов ерзо дарба дац, хьуна йина
чевнаш тоян йиш яц. Хьох лаьцна хаам хезнарш
тIараш детташ баккхийбер бу, хIунда аьлча мила ву
хьоьгара къизалла даим тIекхачаза?!

# Хьабукъа

## Дешхьалхе

Хьабукъа-пайхамаро аьлла долу дешнаш Iийса дуьнен тIе валале ворхIалгIа бIешо чекхдолуш хиллачу заманахьлера ду. Оцу хенахь бавелхоша олалла дора исраилхошна тIехь (тептар тIехь царах дукхахьолахь хашадхой олу). Оцу къизачу къомо ницкъ барна гIайгIанах вуьзна хиларна, пайхамаро Везачу Эле хаттар до: «Шайл бакъахьаранаш Iесачара дIакхаллар вист ца хуьлуш хIунда лов те Ахь?» (1:13). ТIаккха Везачу Эло цунна жоп ло, Ша билгалъяьккхинчу хенахь доггIург дийр ду, ткъа и хан тIекхачале, «Делан лаамехь верг Цунах тешарца вехар ву» аьлла (2:4).
Тептаран дисинчу декъехь Делера болу цхьа хаам а, Далла лерина йолу цхьа назма а ю. Делера болу и хаам харцо лелаечарна бийр болчу бохамах лаьцна бу. Далла лерина йолчу оцу назманехь Дела сийлахь хиларх лаьцна дуьйцу, иштта байтийн яздархочун довр доцу Делах тешар а довзуьйту.

1 ХIара бу Хьабукъа-пайхамарна Делера кхаьчна болу хаам.

### Хьабукъин латкъам

2 Веза Эла, ас орца мел дохур ду те – Хьуна дIа а ца
хезаш, ас цIогIа мел хьоькхур ду те – къизалла ечух
Ахь кIелхьар а ца воккхуш? 3 ХIунда хьоьжуьйту Ахь
со зуламашка? Муха лов Ахьа харцонашка хьежар?
Суна хьалха хIаллакдар а, къизалла яр а ду.
Массанхьа а девнаш а, къийсарш а ду. 4 И бахьана
долуш Iедалан ницкъ байна, нийса кхелъяр а дац.
Iесачо Делан лаамехь верг кIелвуьту дела, кхелъяр
а харцонца чекхдолу.

### Везачу Элан жоп

5 †ТIаккха Везачу Эло нахе иштта элира:
«Хьовсийша халкъашна юкъа, тергаме хьовсалаш,
шу чIогIа цецдевр ду, хIунда аьлча шун дахаран
деношкахь цхьамма шайга уьш дийцича, цкъа а
шу тешар доцу хIума дийр ду Ас. 6 ††Ас хашадхой
гIовттор бу, къиза а, эргIада а долу и халкъ. Уьш
лела лаьттан аре мел ю, нах Iаш йолу шайн йоцу
меттигаш шайн дола яхархьама. 7 И халкъ кхерам
тосуш а, нах Iадош а ду. Цара еш йолу кхел а, церан
олалла а цаьргара шайгара схьадолу.
8 Церан говраш цIоькъабергел сиха ю, уьш
буьйсанна лелачу берзалойл а луьра ю. Церан
береш схьахахкабевлла богIу, церан дошлой
геннара схьабогIу. Ижуна тIекхета аьрзу санна,
тIемабевлла схьабогIу уьш.
9 Мехкашна чу а гIерташ, церан эскарш ницкъ
бан Iалашо йолуш ду, малхбалера мох санна йолу
церан къизалла тобанел а хьалхаяьлла йогIу. Цара
йийсархой дIалоцу, гIум санна. 10 Цара паччахьаш
хьийзабо, баьччанех царна белам хилла.
Муьлххачу а чIагIонах бийлало уьш, го беш,
баьрзнаш а хIиттадой, уьш дIалоцу цара. 11 ТIаккха
уьш, чехка мох санна, тIех а бевлла, дIабовлу. Уьш
къилахь нах бу, хIунда аьлча шайн ницкъах шайна
дела кхоьллина цара».

### Хьабукъас шолгIа бина латкъам

12 Веза Эла, Хьо вац ткъа ширачу заманашкара
дуьйна волу сан Дела, сан Везаниг? Тхо лийр дац! ‡
Веза Эла, хашадхой Ахь къобалбина бу, цаьрга кхел
яйтархьама. Сан *тарх*! Уьш Ахь билгалбаьхна бу
таIзар дайтархьама. 13 Вонашка хьежа тIех цIена бу
Хьан бIаьргаш. Зуламашка хьоьжуш Хьо Iалур ма
вац! Тешнабехк лелораш хIунда лов Ахь? Шайл
бакъахьаранаш Iесачара дIакхаллар вист ца
хуьлуш хIунда лов те Ахь?
14 ХIунда дуьту Ахь адамаш, хи чуьра чIерий а,
шайна тIехь олахой боцу текхаргаш а санна?
15 Хашадхоша уьш берриш а мIерашца хьалабоху,
цара шайн бойнашца дIа а лоцу, уьш шайн эвнаш
чу схьа а гулбо. Цу бахьанина хазахетар а хилла,
баккхийбеш бу уьш. 16 Цундела цара сагIанаш
дахьа шайн эвнна, кIур а туху шайн бойнна. ХIунда
аьлча оцу эвнах а, оцу бойнех а церан гайш
дуьзина а хуьлу, церан шортта рицкъа а хуьлу.

† *1:5 Векалийн 13:41.* †† *1:6 ТIаьххьарнаш 24:2.*

‡ *Iебархойн тептар тIехь: *Веза Эла, Хьо вац ткъа ширачу заманашкара дуьйна волу сан Дела, сан Везаниг? Тхо лийр дац! *Iебархойн кхечу тептар тIехь: *Веза Эла, Хьо вац ткъа ширачу заманашкара дуьйна верг? Сан Дела, сан Везаниг, Хьо-м цкъа а лийр ма вац!**

[17] Даим яссо мега те цара шайн эвнаш, къа ца
хеташ даим халкъашна ницкъ бан мега те цара?

### Везачу Эло Хьабукъина делла жоп

2 Іуналлина лерина йолчу бІаьвнна тІе вогІур ву
со, чардакха тІехь лаьттар ву со. Со хьоьжур ву
Везачу Эло сайга эр дерг хаархьама а, ас-айса сайн
латкъамах лаьцна хІун ала деза хьажархьама а [†].
[2] Везачу Эло, жоп а луш, соьга иштта элира:
«ДІаязде Ас хьайна дІахоуьйтун дерг, дикка
къаьсташ дІаязде экъанаш тІе, йоьшучунна атта
хилийтархьама. [3] [††]И хаам дІаязбе, хІунда аьлча Ас
дІахоуьйтун дерг билгалъяьkkхинчу хенахь бен
кхочушхир дац. И хаам чаккхенах хьаьгна бу, иза
харц хир бац. Иза кхочушхилар вайна дахделла
хетахь а, цуьнга ладугІуш хила. Иза билггал хир
долуш ду, иза хьелур дац. [4] [‡]Хаам хІара бу: „Лакхара
хьоьжучух лаьцна аьлча, цунна чохь догцІеналла
яц. Ткъа Делан лаамехь верг Цунах тешарца вехар
ву. [5] Иштта, чагІаро Іехаваре терра, курачу стеган
синтем ца хуьлу. Цуьнан сутаралла, *эхарт* санна,
шуьйра ю, Іожалла санна, цкъа а Іебар вац иза. Цо
дерриг а къаьмнаш шена тІе схьагулдо, массо а
халкъаш шена йийсаре схьадаладо“».

### Делан лаамехь боцучарна кхелъяр

[6] Ткъа и эшийна халкъаш-м хир дац те дерриш а
толамхойх лаьцна кицанаш а дохуш, царах
кхаьрдаш, царах лаьцна хІетал-металш олуш? Цара
эр ду: «Декъаза ву шен боцу бахамах шех хьалдерг
вийриг, шех деза закъалт дийриг. Дукха ханна хир
дуй те иза иштта?»
[7] Хьуна декхарийлахь берш цІеххьана гІовттур-м
бац те? Хьо кхоьруьйтуш берш самабевр-м бац те?
ТІаккха хьо церан ижу хилла дІахІуттур ма ву!
[8] Ахьа а дукха халкъашна талораш дина дела,
дисинчу массо а халкъаша хьуна а талораш дийр
ду, хІунда аьлча ахь адамийн цІий Іанийна, иштта
мехкашна а, гІаланашна а, царна чохь мел
бехачарна а ахь къизалла а йина.
[9] «Декъаза ву хьарамлонца шена хІума гулдийриг,
шена цІа дайтархьама а, шен бен лакхенгахь
бархьама а, цу тайпана бохаман куьйгах ша
кІелхьарваккхархьама!» [10] Ахь дагалаьцначу
хІуманаша хьан цІийнан сий дайина. Дукха
халкъаш хІаллакдарца хьайн синна къилахь дерг
лелийна ахь. [11] Пенашна юкъарчу тІулгаша хьуна
дуьхьал мохь хьоьккхур бу, дечигах динчу дукъоша
цара до тоьшалла духаэр ду.
[12] «Декъаза ву цІий тІехь гІала хІоттош верг,
харцдолчуьнца чІагІонаш дІахІиттош верг!»
[13] Массо а ницкъийн Везачу Элера-м дац те
халкъаша цІеран дуьхьа къахьегна хилар а,
къаьмнаша шаьш эрна хьийзийна хилар а?
[14] [‡†]Амма Везачу Элан сийлалла йовзарх латта дузур
ду, хиша хІорд ма-буззара.
[15] «Декъаза ву шена уллорачаьрга оьгІазаллин
кад молуьйтуш верг, церан сийсазалла
гучуяккхархьама, маларш а мийлош, уьш бахош
верг!» [16] Сийлаллин метта, хьо сийсазаллех вуьзна.
Мала а малий, хьайн сий дайна хилар гучудаккха.
Везачу Элан аьтту куьйгахь болу кад хьуна
тІекхочур бу, хьан сийнна тІе юьхьІаьржо йогІур ю.
[17] Ливанун-махкахь ахь лелийна зуламаш хьуна
тІедоьрзур ду. Ахь дийнаташ хІаллакдарна,
акхароша хьо а кхерор ву. ХІунда аьлча адамийн
цІий а ахь Іанийна, иштта мехкашна а, гІаланашна
а, царна чохь мел бехачарна а ахь къизалла а
йина.
[18] ХІун пайда бу суьрташ дечу стага винчу цІун, я
харцо хьоьхуш йолчу лалийна йинчу хІуманан?
Суьрташ динарг ша кхоьллинчу цІунах муха тешар
ву? И цІу вист а ца хилало! [19] «Декъаза ву дитте
„Самадала!“ бохург, ткъа мотт ца хуучу тІулге
„ХьалагІатта!“ бохург. Цуьнга Іамалур дуй те цхьа а
хІума? ХІаъ, иза дети-деши диллина бу, амма цунна
чохь са ма дац».
[20] Ткъа Веза Эла Шен дезачу цІа чохь ву: дерриг а
латта тийна хуьлийла Цуьнан юьхьана хьалха!

### Хьабукъин доІа

3 Хьабукъа-пайхамаро тийжаме назма [‡‡] санна
даьkkхина доІа.
[2] Веза Эла! Ахь мел диначух лаьцна хезна суна.
Веза Эла! Хьан гІуллакхашка ларамах вуьзна ву
со.
Тхан деношкахь юха а дехьа уьш иштта,
тхан заман чохь и гІуллакхаш кхин а гучудахахьа!
ОьгІазвахханчохь къинхетамалла дагаяийтахьа.
[3] Дела Теманера схьавогІу,
Везаниг а Паран-ломара схьавогІу.
Цуьнан возалло стигалш дІахьулйо,
Цуьнан сийлаллах латта дузу.
[4] Цуьнан лепар малхан серло санна ду.
Ницкъ къайлабаьлла болчу
Цуьнан куьйгах зІаьнарш юьйлу.
[5] Цунна хьалха кхераме цамгар йогІу.
Цуьнан гІулчашкахь Іожаллин ун лела.
[6] Иза волавеллачуьра сецча, латта дегадо.
Иза дІахьаьжча, халкъаш тохало.
БІешерийн лаьмнаш духу,
шира баьрзнаш охьаоьгу.
Цуьнан некъаш абаденналц ду.
[7] Суна го, хушанхойн четарш гІайгІанехь хилар,
маданхойн меттаметтанаш сингаттамехь хилар.
[8] Хишна оьгІазвахана те Хьо, Веза Эла?
Хишна тІе йирзина те Хьан оьгІазалла?
ХІордана дуьхьал яьлла те Хьан дералла?
Цу бахьанина Хьайн дой хоьхку Ахь,

† *Іебархойн тептар тІехь: *ас-айса сайн латкъамах лаьцна хІун ала деза хьажархьама а. *Цхьана ширачу гочдар тІехь: *сан латкъамна Цо соьга лун долу жоп хаархьама а.** †† *2:3 Іебархошка 10:37.* ‡ *2:4 Римхошка 1:17; Галатахошка 3:11; Іебархошка 10:38.*

‡† *2:14 ЕшаІ-ЯхІу 11:9.* ‡‡ *Тийжаме назма *– Іебархойн маттахь: «шиг-юнут». Цу дешан маьІна билггала хууш дац.**

Хьан толаман гIудалкхаш лоькху Ахь?
9 Ахь схьадоккху Хьайн секхаIад,
Хьайн ботт пхерчашца а юзу †.
Ахь Iоврашца хедадо латта.
10 Хьо гича, лаьмнаш дегадо.
Стигалара хиш охьахьовду.
КIоргачу хIордо шен аз схьахозуьйту,
леккха шен куьйгаш хьала а ойу.
11 Малххий, буттий шаьш долччохь совцу,
Хьан чехкачу пхерчийн сегарна,
Хьан серладуьйлучу гоьмукъийн къегарна.
12 Хьо оьгIазаллехь лела лаьтта тIехула.
Хьайн дераллехь Ахь халкъаш хьоьшу.
13 Хьо хьалхаволу Хьайн халкъ кIелхьардаккхархьама,
Айхьа къобалдинарг кIелхьардаккхархьама.
Ахь Iесачийн халкъан коьртехь волчунна туху,
бух тIера хьалакхаччалц иза гучу а воккхуш.
14 Ахь цуьнан тIемалойн хьаькам цуьнан шен пхерчашца вожаво,
тхо дIасадаржо, дарц санна, уьш тIехьаьддачу дийнахь,
хазахетарца мисканиг къайлаха дIакхалла дагахь.

† Грекийн гочдар тIехь: *Хьайн ботт пхерчашца а юзу.* Iебархойн тептар тIехь: *гаранашна дина ваIданаш чIогIа дешнаш ду.*

15 Ахь Хьайн говрашца хIорд хьоьшу,
сийлахьчу хийн чопа а йоккхуш.
16 Суна хезира – сан чуьйраш хьовзийра.
Цунах лаьцна кхаъ хезча, сан балдаш дегийра,
сан даьIахкех лазар кхийтира,
сан когийн кIелара латта дегадо.
Амма со собарца хьоьжур ву,
тхуна тIелеттачу халкъана тIе догIучу бохаман дийне.
17 Инжиран дитто заза ца даккхахь а,
кемсийн таьллангана тIе стом ца латабахь а,
зайтдитто сатийсинарг ца лахь а,
аренаша ялта ца лахь а,
жоьлехь уьстагIий ца дисахь а,
божалахь даьхний ца дисахь а,
18 тIаккха а Везачу Элах воккхавийр ву со,
суо кIелхьарвоккхучу Делах сакъералуш хир ву со.
19 ††Хьалдолу Эла – сан ницкъ бу.
Цо, сан когаш сен когаш санна а бо,
со сайн лакхенашкахула а лоьлуьйту!
Эшарш лоькхучу тобанан куьйгалхочуьнга: хIара назма мерз-пондаршца лакха езаш ю.

†† 3:19 Дауд 22:34; Забур 17:34.

# Цапни-ЯхIу

### Дешхьалхе

Цапни-ЯхIу-пайхамаро Делера кхайкхамаш бора Iийса дуьнен тIе валале ворхIалгIачу бIешеран тIаьххьарчу декъехь. Ялх бIе ткъе хьалхарчу шарахь, Iийса дуьнен тIе валале, Юши-ЯхIу-паччахьо динан юхаметтахIиттораш динчул хьалха йолчу заманахь дара иза, схьахетарехь. Тептар тIехь иштташу хIуманех лаьцна олуш ду: бохаман цхьа де хир ду, кхечу деланашна Iамалъяр бахьанина ЯхIудан халкъана таIзар дийр долу; кхечу къаьмнашна а таIзар дийр ду Везачу Эло; Ярушалайм-гIала бохамна лерина елахь а, цхьа хан дIаяьллачул тIаьхьа и гIала юхаметтахIоттор ю, ткъа гIалахь цхьа таьIна а, Делан лаамехь долуш долу а халкъ дехаш хир ду.

1 [†]ХIара бу яхIудхойн паччахьан Аминан кIанта
Юши-ЯхIус паччахьалла дечу деношкахь
Хушин кIанте Цапни-ЯхIуга Везачу Элера кхаьчна
болу хаам. Хуши Гадал-ЯхIун кIант хилла, ткъа иза
Хьузакх-ЯхIун кIентан Амар-ЯхIун кIант хилла.

### Везачо Эло бекхам бийр долу де

2 «Лаьтта тIера дерриг хIума а дIадойур ду Ас, –
боху Везачу Эло. – 3 Ас дойур ду адамаш а,
хьайбанаш а, иштта стигалара олхазарш а, хIорда
чуьра чIерий а дойур ду, Iесачу нахаца цхьаьна
адамаш галболуьйту цIуш а дIабохур бу. Ас лаьтта
тIера адамаш хIаллакдина дIадохур ду, – боху
Везачу Эло.
4 Ас Сайн куьг дерзор ду ЯхIудан халкъана а,
Ярушалайм-гIалин берриг бахархошна а дуьхьал.
Цу меттигера БаIал-харцдалла Iамал еш диснарг
хIаллакдийр ду Ас. Хийрачу динан дайн а, Делах
дIабирзинчу динан дайн а цIераш кхин цкъа а
багах йохур яц. 5 Тхевнна тIе хьала а ваьлла,
стигалшкахь мел болчу ницкъашна сужда ваханарг
хIорра а хIаллакхвина дIавоккхур ву Ас. Веза Эла
волчу Суна Iибадат а деш, тешаме хила чIагIо а еш,
амма шайн паччахьах чIагIонаш йийраш [††] а
хIаллакбина дIабохур бу Ас. 6 Веза Эла волчу Суна
тIаьхьахIиттинчуьра дIабирзинарш а, иштта Со ца
лоьхуш а, Сох дага ца бовлуш леларш а
хIаллакбийр бу Ас».
7 Хьалдолчу Элана хьалха дист ца хуьлуш
дIасовца! ХIунда аьлча гергадеана Везачу Элан де.
Везачу Эло кечбина сагIина урс хьакха леринарг,
схьакъастийна Ша кхайкхинарш. 8 «СагIа доккхучу
дийнахь, – боху Везачу Эло, – Ас таIзар дийр ду
элашна а, паччахьан кIенташна а, массо а хийрачу
махкахойн духарш тIе духучарна а. 9 Ас таIзар дийр
ду неIсагIина тIехула лелхачарна а, шайн олахочун
цIа [‡] къизаллех а, харцонех а дузучарна а.
10 Оцу дийнахь, – боху Везачу Эло, – ЧIерийн
кевнехь цIогIа детташ хезар ду, гIалин керлачу
декъара а узарш хир ду, гунашна тIера церан
дохоран чIогIа гIовгIа хир ю. 11 Делха, гIалин
базарш хIуттучу декъан дахархой, хIунда аьлча
йохкаэцар лелош долу халкъ хIаллакьхир ду,
терзанашца дети узурш а хIаллакьхир бу.
12 Оцу заманахь Со, *къуьда* а лаьцна,
Ярушалаймехула хьожуш чекхвер ву. Ас таIзар
дийр ду, шаьш летадечух тоам а беш, шайн даг
чохь: „Везачу Эло я дика а, я вон а ца до“, –
бохучарна. 13 Церан хьал хIонс санна схьадоккхур
ду, церан цIенош а дассор ду. Цара цIенош
дIахIиттор ду, амма царна чохь баха ховшур бац
уьш, цара кемсийн бошмаш кхиор ю, амма царах
даьккхина чагIар муьйлур дац».
14 Гергга ду Везачу Элан сийлахь-доккха де. Гергга
а ду, чIогIа сихделла а догIу. ЛадогIал! Везачу Элан
де ма къаьхьа белхар ду! Уггар майрачу тIемалочо
а цIогIа детташ ду! 15 И де – оьгIазаллин де ду,
гIайгIанан а, гаттаман а де, бохаман а, дассоран а
де, боданан а, Iаьржаллин а де, мархийн а,
дахкаран а де, 16 коьман маIа лекхаран а, тIеман
цIогIа тохаран а де. ТIелатарш хир ду чIагIйинчу
гIаланашна а, лекхачу бIаьвнашна а дуьхьал.
17 Везачу Эло боху: «Адамаш бIаьрзенаш санна
леллал чIогIа гIайгIанехь латтор ду Ас, Веза Эла
волчу Суна дуьхьал цара къинош летийна дела.
Церан цIий, чан санна, дIасадаржийна хир ду,
церан дилха, кхо санна, дIасакхиссина хир ду».

† *1:1 ТIаьххьарнаш 22:1–23:30; 2 Шерашкахь 34:1–35:27.*

†† *Шайн паччахьах чIагIонаш йийраш *– я иштта: *оцу тайпана МилкIом-харцдалла тешаме хила чIагIо йийраш.**

‡ *Шайн олахочун цIа *– я иштта: *шайн харцделан цIа.**

18 Церан долахь долчу я детига, я дешига
кIелхьарбахалур бац уьш Везачу Элан оьгIазаллин
дийнахь. Цуьнан эмгараллин цIеро хIара дерриге а
латта дагийна дIакхоллур ду. Цо лаьтта тIехь вехаш
волу хIорра а цIеххьана кхоччуш дIавоккхур ву.

### Далла тIедерзаре тIекхайкхар

2 Метта а дола, хьо леррина а талла, маьттаза
халкъ, 2 Делан сацам кхочушхилале, Далла
тIедерзаран де, мохо кегаш дIахьоккхуш санна,
чекхдер ду, Везачу Элан йогу оьгIазалла шайна
тIеяле, Везачу Элан дераллин де шайна тIекхачале.
3 Лахийша Веза Эла, лаьтта тIехь шаьш кIезиг
хеташ долчу, Цо тIедиллинарг кхочушдечу массара
а. Нийсонца лелийша, шайн кIезигалла дагахь
латтаейша. Шу кIелхьардовлийла хила тарло
Везачу Элан оьгIазаллин дийнахь.

### Исраил-махкана гонахарчу халкъех лаьцна бина сацам

4 †Iази-гIала дIатосур ю, Ашкхилун-гIала а яссалур
ю, Ашдод-гIалин бахархой лохкур бу дийнан
делккъехь, Iекхран-гIала а тIепаза йовр ю.
5 Декъаза ду хIордан йистехь дехаш долу кератхойн
†† халкъ! Везачу Элера болу хIара хаам хьуна
дуьхьал бу, пIелаштамхойн долахь болу КанаIан-
мохк: «Ас хьо хIаллакбийр бу, тIаккха хир бац хьан
бахархой». 6 ХIордан йистера мохк жаIушна
дежийлаш а, уьстагIашна гIотанаш а хилла
дIахIуттур бу. 7 И мохк ЯхIудан цIийнах бисинчарна
кхочур бу. Цигахь церан дежийлаш хир ю.
Ашкхилун-гIалин цIеношкахь сарахь садоIуш Iийр
бу уьш, хIунда аьлча Везачу Эло, церан Дала, церан
аьтто юхаметтахIоттор бу, уьш Шена дагахь болу
дела.
8 ‡Везачу Эло боху: «Суна схьахезна муабахоша
сийсаздар а, Iамминхойн лер а. Суна схьахезна
царна Сан халкъ дола хетар а, Сан халкъан махка
чугIорта гIерташ цара дозалла дар а. 9 ‡†Дийна
волчу Сайх чIагIо йо Ас, – боху Исраилан халкъан
Дела волчу массо а ницкъийн Везачу Эло, – Муаби-
мохк, Седам-гIала санна, хир бу, ткъа Iамминхой,
Iамор-гIала санна, хир бу. Церан латта шена тIехь
туьхан оьрнаш долу а, ниттийн долахь йолу а яьсса
аре хир ю гуттаренна а. Сан халкъах бисинчара оцу
нахах шайна хIонс схьаоьцур ю, ткъа церан латта
Сан долчу халкъах дийна бисинчарна кхочур ду».
10 Иза царна хир ду церан куралла бахьана долуш
– массо а ницкъийн Везачу Элан халкъ царна дола
хетарна а, оцу халкъах уьш кхардарна а. 11 Везачу
Эло уьш ларамах бузуьйтур бу, лаьтта тIехь мел
болу деланаш Ша хIаллакбечу хенахь. ХIораммо а
шен-шен меттехь Цунна Iибадат дийр ду, ур-
атталла хIордан йистехь дехаш долчу къаьмнаша
а.
12 ‡‡Шу а, *хушахой*, Сан туьро хIаллакдина хир ду.
13 ‡‡†Шен куьг къилбаседехьа а кховдийна, Цо
Ашур-мохк хIаллакбийр бу. Нунав-гIаланах,
яссийна саьлнаш а йина, гIум-аре санна, екъа
меттиг йийр ю. 14 Цигахь царна юккъехь жаш а,
бежанаш а, массо а тайпана дийнаташ а хир ду
лелаш. Куьйра а, зу а хир ю цуьнан бIогIамашна
тIехь буьйсанаш йохуш. Церан аьзнаш корашкахь
схьахезар ду. НеIсагIанашна тIехь къапалгаш
Iохкур ю, ткъа баган-диттан дечиган ханнаш
дIадаьхна хир ду. 15 Иштта хилла дIахIуттур ю
йоккхаеш хилла йолу, гIайгIа йоцуш яьхна йолу и
гIала. Шен дагахь цо боху: «Со ю, со йоцург цхьа а
хIума дац!» Мел яссийна меттиг хир ю иза, цунах
акхаройн бен хир бу! Цунна тIех мел волучо:
«Жолам-яI», – олуш, шок а тухур ю, куьйгаш а
деттар ду.

### Ярушалаймхойн къинош а, уьш паргIатбахар а

3 Декъаза ю боьха а, сийсазъяьлла а, гIело еш
йолу а гIала! 2 Делан озе ла ца дугIу цо, ша
нисъяйтар тIе ца оьцу. Иза Везачу Элана тIе ца
тевжа, шен Далла юхxе ца гIерта. 3 Цуьнан
баьччанаш – цунна юккъехь гIигI деш долу лоьмаш
санна бу. Цуьнан кхелахой – сарахь арайовлу
берзалой санна бу, цхьа а даьIахк сахуьлунга ца
йолуьйтуш йолу. 4 Цуьнан пайхамарш ларамаза а,
ямарта а бу. Цуьнан динан дайша дезаниг
сийсаздоккху, *товрат-хьехам* шайна пайда болчу
агIор хуьйцу цара. 5 Веза Эла оцу гIалина юккъехь
ву, Иза нийса ву, харцдерг Цо ца до. ХIора
Iуьйранна, хийцамаш а ца беш, нийсонца лела Иза,
амма харцо ечарна эхь бохург хIун ду ца хаьа.
6 Везачу Эло боху: «Ас халкъаш хIаллакдина,
церан чIагIонаш йохийна ю. Ас церан урамаш
дассийна, хIинца цхьа а ца лела церан
урамашкахула. Церан гIаланаш хIаллакйина, цхьа
а адам дац, бахархой а бац. 7 Ас гIалане бехира:
„Соьга ларамах юьзна хилалалахь, Ас хьо нисъяр
тIеэцалахь!“ Иза иштта леллехь, цуьнан Iаш йолу
меттиг йохийна хир яцара, цунна мел лерина
таIзар Ас дийр дацара. Амма цунна хIетте а дерриг
а шен гIуллакхашна тIехь телхина мел дерг дан
лаьара.
8 Иштта, хьежа Соьга, – боху Везачу Эло, – царна
дуьхьал тоьшалла дан ‡‡‡ Со гIоттур волчу дийне
хьежа. Ас билгалдаьккхина халкъаш тIегулдар а,
пачхьалкхаш тIегулъяр а, Сайн оьгIазалла царна
тIе Iанорхьама а, Сайн чIогIа дералла царна тIе
хьажорхьама а. Сан эмгараллин цIаро дерриг а
латта дIакхоллур ду.

† *2:4-7 ЕшаI-ЯхIу 14:29-31; Ярми-ЯхIу 47:1-7; Яхьазкхиал 25:15-17; Юал 3:4-8; Iамос 1:6-8; Закри-ЯхIу 9:5-7.* †† *Кератхой *– иза «пIелаштамхойн» кхин цIе ю.** ‡ *2:8-11 а: ЕшаI-ЯхIу 15:1–16:14; 25:10-12; Ярми-ЯхIу 48:1-47; Яхьазкхиал 25:8-11; Iамос 1:13-15; б: Ярми-ЯхIу 49:1-6; Яхьазкхиал 21:28-32; 25:1-7.* ‡† *2:9 Доладалар 19:24.*

‡‡ *2:12 ЕшаI-ЯхIу 18:1-7.* ‡‡† *2:13-15 ЕшаI-ЯхIу 10:5-34; 14:24-27; Нахьум 1:1–3:19.* ‡‡‡ *Грекийн гочдар тIехь: *царна дуьхьал тоьшалла дан. *Iебархойн тептар тIехь: *царах хIонс яккха.**

[9] ТIаккха Ас юха а халкъашна цIена мотт лур бу,
массо а Везачу Эле кхайкхийтархьама а, белшах
белш а тоьхна, Цунна гIуллакх дайтархьама а. [10]
*Хуша-мехкан* хишна дехьа йолчу меттигашкара а
Соьга доIа дечара, Ас дIасадаржийначу халкъо,
Суна совгIаташ дахьар ду. [11] Оцу дийнахь, Сан
халкъ, Суна дуьхьал айхьа мел лелийначу
гIуллакхех хьуна эхь хета кхин оьшур дац, хIунда
аьлча оцу хенахь хьуна юкъара шайн кураллех
сакъералуш берш Ас дIабохур бу. Сан безачу лам
тIехь кхин дозаллаш дийр дац ахь. [12] Амма шуна
юкъахь Ас къарделла а, эсала долу а халкъ дуьтур
ду, Везачу Эле сатуьйсуш долу. [13] †Исраилан
халкъах бисинчара харцонаш лелор яц. Цара
харцдерг а дуьйцур дац, церан багара мекара дерг
а дер дац. Дежаш а, дуьйшуш а долу уьстагIий
санна, уьш бехаш хир бу, цхьаммо уьш кхерор а
боцуш».

### Самукъане хиларе тIекхайкхар

[14] Хазахетарца йиш локхуш хила, Цийонан йоI! ††
Доккхаде, Исраилан халкъ!
Самукъане а хила, даггара сакъералуш а хила
Ярушалайм-гIалин йоI!
[15] Везачу Эло таIзар шуна тIера дIадерзийна,
шун мостагIа а эккхийна!
Исраилхойн паччахь волу Веза Эла шуна юкъахь
ву –
шайна бохамаш барх шу кхин кхера ца деза.
[16] Цу дийнахь Ярушалайме иштта эр ду:
«Ма кхера, ва Цийон!
Хьайн куьйгаш гIел ма далийта!
[17] Шун Веза Дела шуна юкъахь ву,
Иза шу кIелхьардоху тIемало ву.
Шух сакъералуш воккхавер ву Иза,
Шен безамца шу карладохур ду Цо ‡,
шух воккха а веш, йиш локхур ю Цо».
[18] Везачу Эло боху: «Билгалдаьхна долу деза
денош
даздан ца ларийна халахетачарах лаьцна аьлча,
царах хIонс хиллехь а, уьш сийсазбинехь а,
Ас уьш юха схьагулбийр бу.
[19] Хьуна гIело мел йиначарна
таIзар дийр ду Ас оцу хенахь.
АстагIа леларш кIелхьарбохур бу,
дIасабаржийнарш тIегулбийр бу.
Ас уьш лоруьйтур бу, гIарабохур бу
уьш сийсазбохучу хIокху дерриге а лаьтта тIехь.
[20] Оцу хенахь Ас шу схьа а далор ду,
оццу дийнахь схьа а гулдийр ду.
Ас шу гIарадохур а ду, лоруьйтур а ду
лаьтта тIера массо а халкъашна юкъахь,
Ас шун бIаьргашна хьалха
шун аьтто юхаметтахIоттийначу хенахь», –
боху Везачу Эло.

---

† *3:13 Довзийтинарг 14:5.* †† *Цийонан йоI *– иза ю Ярушалайм-гIала. И гIала Цийон цIе йолчу лам тIехь льтташ ю.**

‡ *Грекийн гочдар тIехь: *Шен безамца шу карладохур ду Цо. *Iебархойн тептар тIехь: *Шен безамца шух лаьцна вистхир вац Иза.**

# Хьагай

## Дешхьалхе

тIехь цхьаболу боца хаамаш цхьаьнатоьхна бу. Iийса дуьнен тIе валале пхи бIе ткъолгIачу шарахь и хаамаш Везачу Элера кхаьчнера пайхамаре. Йийсарера юха а дирзина, халкъо Ярушалайм-гIалахь цхьадолу шераш даьхначул тIаьхьа а, Делан цIа хIинца а дохийна лаьтташ дара. Тептаран хаамашкахула халкъе кхойкхуш ду Делан цIа юхаметтахIотторе, ткъа Везачу Эло чIагIо йо, карладаьккхина а, цIандина а долу халкъ беркатехь а, синтемехь а дехаш хир ду бохуш.

### Хьалхара дешнаш

1 [†]Дари-Ваша-паччахьо паччахьалла динчу
шолгIачу шеран, йолхалгIачу беттан,
хьалхарчу дийнахь Хьагай-пайхамарехула Везачу
Элан хаам кхечира. И хаам ЯхIуд-мехкан мехкада
волчу Шалтаалан кIанте Зурбабелна а, коьрта
*динан да* волчу ЯхIу-ЦIадакъан кIанте ЮшаIана а
лерина бара. 2 Иштта элира массо а ницкъийн
Везачу Эло: «Кху халкъо боху: „Везачу Элан цIа до
хан хIинца а ца кхаьчна“».

### Везачу Эло Делан цIа меттахIоттор тIедиллар

3 Хьагай-пайхамарехула халкъе Везачу Элера
хIара хаам кхечира: 4 «Ткъа, хIара Сан цIа дассийна
лаьттачу хенахь, куц а далош, шаьш динчу
цIеношкахь шу Iан мегаш йолу хан тIекхаьчний?
5 Цундела хIинца иштта боху массо а ницкъийн
Везачу Эло: „Шайн дегнаш леррина тIедерзаде
шаьш бечу некъаш тIе. 6 Аша дуккха а дIадоь, амма
кIеззиг схьагулдо. Аша юург йоу, амма шу дуза а ца
дузу. Аша мала а молу, амма шу хьогах дуьсу. Аша
тIе бедарш юху, амма шу дох ца ло. Аша доккху
алапа Iуьрг долчу кисана доьду“.
7 Массо а ницкъийн Везачу Эло иштта боху:
„Шайн дегнаш леррина тIедерзаде шаьш бечу
некъаш тIе. 8 Лаьмнаш тIе а довлий, дитташ а
хедадай, уьш схьада, тIаккха *Делан цIа*
юхаметтахIоттаде. И гIуллакх Суна хаза а хетар ду,
иштта Сан сий а ойур ду“, – боху Везачу Эло.
9 „Аша дуккха а долчу хIумане сатуьйсу, амма
кIеззиг бен ца хуьлу шуна. Ткъа аша шайн цIа
деанарг, Аса Сайн садеIарца дIадаьккхина. ХIунда
ду иза иштта? – боху массо а ницкъийн Везачу Эло.
– Шу хIорра а, сихло, шайн-шайн цIа доьлхучу
хенахь, Сан цIа хIинца а доьхна лаьтта дела ду иза.
10 И бахьанехь стигал а дIакъовлаелла, шуна тхи а
ца луш. Лаьтто ялта а ца ло шуна. 11 Аса лаьттахь а,
лаьмнаш тIехь а йокъа хIоттийра. И йокъа бахьана
долуш ялта а ца хилла, керла чагIар а ца даьлла,
зайтдаьтта а ца даьккхина, лаьтто мел кхиош дерг
хьала а ца даьлла. Йокъано талхийна лаьтташ ду
адамаш а, бежанаш а, шайн куьйгашца аша къа
мел хьегнарг а“».

### Везачу Эло тIедиллинчуьнга халкъо ладогIар

12 ТIаккха Шалтаалан кIанта Зурбабела а, ЯхIу-
ЦIадакъан кIанта коьрта динан да волчу ЮшаIа а,
дисинчу дерриге а халкъо а шайн Везачу Делан озе
ладуьйгIира. Хьагай-пайхамаро шайна бинчу
хааме ладуьйгIира цара, хIунда аьлча Хьагай церан
Везачу Дала схьаваийтина вара. Везачу Эле
ларамах дуьзна дара халкъ. 13 ТIаккха Везачу Элан
геланча волчу Хьагайс Везачу Элера болу хIара
хаам бира халкъе: «„Со шуьца ву!“ – боху Везачу
Эло». 14 ЯхIуд-мехкан мехкада волчу Шалтаалан
кIентан Зурбабелан а, коьрта динан да волчу ЯхIу-
ЦIадакъан кIентан ЮшаIан а са а, дисинчу халкъан
са а иракарахIоттийра Везачу Эло. Уьш, схьа а
баьхкина, шайн Делан, массо а ницкъийн Везачу
Элан цIийнаца боьзна белхаш бан буьйлабелира.
15 Иза дара Дари-Ваша-паччахьо паччахьалла
динчу шолгIачу шеран йолхалгIачу беттан ткъе
доьалгIачу дийнахь.

### Хиндолчу Делан цIийнан исбаьхьалла

2 ВорхIалгIачу беттан ткъе хьалхарчу дийнахь
Хьагай-пайхамарехула Везачу Элера хIара
хаам кхечира: 2 «ХIинца иштта дIаала ЯхIуд-мехкан
мехкада волчу Шалтаалан кIанте Зурбабеле а,
коьрта *динан да* волчу ЯхIу-ЦIадакъан кIанте
ЮшаIе а, дисинчу халкъе а: 3 [††]„Мила висина шуна
юкъахь, хIара цIа цуьнан хьалха хиллачу
сийлаллехь гина верг? Ткъа хIинца муха гуш ду

† *1:1 Iезар 4:24–5:2; 6:14.*

†† *2:3 Iезар 3:12.*

шуна хIара? Шун бIаьргашна хьалха цхьа а доцург
ца хилла ткъа цунах? 4 ХIинца доьналла долуш
хила, Зурбабел, – боху Везачу Эло, – доьналла
долуш хила, коьрта динан да волу ЮшаI, ЯхIу-
ЦIадакъан кIант! Доьналла долуш хила лаьтта тIехь
мел долу халкъ! – боху Везачу Эло. – Белхаш бе,
хIунда аьлча Со шуьца ву, – боху массо а ницкъийн
Везачу Эло. – 5 †Шу Мисар-махкара арадовлуш Ас
шуна йинчу чIагIоне хьаьжжина ду иза. Сан Са
кхидIа а шуна юкъахь дуьсур ду, цундела ма
кхералаш!“»
6 ††Иштта боху массо а ницкъийн Везачу Эло:
«Кхин а цкъа, иза-м кестта хир долуш ду, Ас стигал
а, латта а, хIорд а, екъа меттигаш а егор ю. 7 Ас
дерриг а халкъаш а дегор ду, ткъа массо а
халкъашна езаш йолу еза хIуманаш кхуза яхьар ю.
ХIара цIа сийлаллах дузур ду Ас, – боху массо а
ницкъийн Везачу Эло. – 8 Дети а, деши а Сан ду, –
боху массо а ницкъийн Везачу Эло. – 9 ХIокху
керлачу Делан цIийнан сийлалла хьалхалерчу
цIийнан чул а лакхаер ю, – боху массо а ницкъийн
Везачу Эло. – ХIокху меттехь лур бу Ас машар, –
боху массо а ницкъийн Везачу Эло».

### Пайхамаро динан дайшка дина хеттарш

10 Дари-Вашас паччахьалла дечу шолгIачу шеран
уьссалгIачу беттан ткъе доьалгIачу дийнахь
Хьагай-пайхамаре Везачу Элера хаам кхечира.
11 «Иштта боху массо а ницкъийн Везачу Эло:
„Товрат-хьехамах лаьцна динан дайшка хаттарш а
де, иштта дIа а ала: 12 ‘Нагахь санна цхьамма шен
бедаран юьха чохь Далла лерина даздина долу
жижиг дахьачу хенахь, цуьнан юх баьпках, я
кхехкийна йолчу хIуманах, я чагIарх, я
зайтдаьттанах, я кхин йолчу юучух дIахьакхалахь, –
иза даздина хир дуй те?’“»
Динан дайша жоп делира: «Дац», – аьлла.
13 ‡Цул тIаьхьа Хьагайс иштта хьаттира: «Нагахь
санна оцу хIуманех, докъах куьг тоьхна Далла
хьалха бехвелларг дIахьакхалахь, уьш бехъелла
хир юй те?»
Динан дайша жоп делира: «Бехъелла хир ю», –
аьлла.
14 ТIаккха Хьагай-пайхамаро, жоп а луш, иштта
элира: «Иштта ду хIара халкъ, иштта ду Суна хьалха
хIара къам, – боху Везачу Эло, – иштта ду церан
куьйгаша мел деш долу гIуллакхаш а! Цара Суна
цигахь мел доккху сагIа Суна хьалха боьха ду».

### Декъалалла хир ду аьлла, Везачу Эло чIагIо яр

15 «ХIинца, таханлерчу дийнахь дуьйна, кхидIа а
леррина ойла ейша ас олучун. ТIулга тIе тIулг а
хIоттош, Везачу Элан цIа юхаметтахIотто шу
дуьйладалале, иштта нислора: 16 ткъа сахь кIа
даккха дагахь волу стаг кIен оьланна тIевеача,
цунна цигахь итт сахь бен ца карадора. Пхи черма
мутта схьаэца дагахь муттдоккхургана
тIевеанчунна цу чохь ши черма бен ца карадора.
17 Шун куьйгаша мел динчунна Ас кIен кIора а,
мекха лацар а, къора тохар а нисдолуьйтура. Амма
тIаккха а Суна тIе ца доьрзура шу, – боху Везачу
Эло. – 18 Леррина ойла ейша таханлерчу дийнахь
дуьйна, уьссалгIачу беттан ткъе доьалгIачу
дийнахь дуьйна. Везачу Элан цIийнан бух
дIахIоттийначу дийнера дуьйна хиллачун леррина
ойла ейша. 19 Дуй те хIинца а ялтийн чоьнаш чохь
хIу? Я кемсийн таьлланго, я инжир-дитто, я нар-
дитто, я зайт-дитто хIинца а стом ца беллера.
Таханлерчу дийнахь дуьйна Ас шу декъалдийр ду».

### Зурбабелна лур ду аьлларг

20 ХIокху беттан ткъе доьалгIачу дийнахь шолгIа а
Хьагай-пайхамаре Везачу Элера хаам кхечира:
21 «ЯхIуд-мехкан мехкада волчу Зурбабеле иштта
дIаала: „Аса стигалш а, латта а дегор ду. 22 Ас
харцор ду паччахьийн гIанташ, хIаллакбийр бу
хийрачу пачхьалкхийн ницкъ. Ас гIудалкхаш а,
царна тIе хевшинарш а харцор бу. Говраш
охьаоьгур ю, церан дошлоша вовшийн таррашца
хIаллакбийр бу. 23 Оцу дийнахь, – боху Везачу Эло, –
хьо, Сан ялхо, Шалтаалан кIант Зурбабел, Ас, схьа а
эцна, Сан пIелга тIехь долу мухIар санна латтор ву,
хIунда аьлча хьо Ас къастийна ву, – боху массо а
ницкъийн Везачу Эло“».

---

† *2:5 Арадаккхар 29:45, 46.* †† *2:6 Iебархошка 12:26.* ‡ *2:13 Лелар 19:11-22.*

# Закри-ЯхIу

## Дешхьалхе

нийсса шина декъе декъало: 1) Дала Закри-ЯхIу-пайхамарехула бина болу хаамаш, Iийса дуьнен тIе валале 520-чу шарера дуьйна 518-чу шарна тIекхаччалц (кортош 1–8). И хаамаш дукхахьолахь суьрташкахула беш бу. Царна чохь дуьйцуш ду Ярушалайм-гIала юхаметтахIотторах лаьцна а, Делан цIа юха дIахIотторах лаьцна а, Делан халкъ цIандарх лаьцна а, Дала леррина Къобалвинчун зама кхочург хиларх лаьцна а; 2) ШолгIачу декъехь бу Дала леррина Къобалвинчух лаьцна а, тIаьххьарчу кхелах лаьцна а болу пайхамарехула Дала белла хаамаш (кортош 9–14).

### Закри-ЯхIу-пайхамарна хIиттийна суьрташ

### Везачу Элана тIедерзаре кхайкхам бар

1 †Дари-Ваша-паччахьо куьйгалла дечу
шолгIачу шеран борхIалгIачу баттахь Iидун
кIант волчу Барак-ЯхIун кIанте Закри-ЯхIу-
пайхамаре Везачу Элан хIара дош кхечира: 2 «Веза
Эла волу Со шун дайшна буьрсачу луьраллица
оьгIазвахана. 3 ХIинца ахь, Закри-ЯхIу, нахе иштта
дIаала: „Массо а ницкъийн Везачу Эло иштта боху:
‘Суна тIедерза, тIаккха Со а шуьгахьа воьрзур ву.
4 Шайн дай санна ма хилийша, хьалха дуьйна
пайхамарша дехарш дина болу: ‹Массо а ницкъийн
Везачу Эло иштта боху: юхадовла шайн зуламечу
некъаш тIера а, шайн зуламечу гIуллакхашна тIера
а›. Амма цара Соьга ла а ца дугIура, Ас бохуш
долчун тергам а ца бора’“, – боху Везачу Эло. 5 Шун
дай – уьш мичахь бу? Пайхамарш а бехар буй те
даим? 6 Сан ялхой болчу пайхамаршкахула Ас
тIедиллина долу Сан дешнийн а, парзийн а тергам
ца бина дела, шун дай жоьпе озийна! ТIаккха шун
дай Суна тIе а боьрзура, цара иштта а олура:
„Массо а ницкъийн Везачу Эло, тхан некъашка а,
тхан гIуллакхашка а хьаьжжина, Ша тхуна дан
билгалдаьккхинарг дина тхуна“».

### Дой гуш сурт хIоттар

7 ЦхьайтталгIачу беттан ткъе доьалгIачу дийнахь
– иза шабат олу бутт бу, – Дари-Ваша-паччахьо
куьйгалла дечу шолгIачу шарахь Iидун кIант волчу
Барак-ЯхIун кIанте Закри-ЯхIу-пайхамаре Везачу
Элан дош кхечира. 8 ††Буьйсанна хIара сурт
хIоьттира суна: расхачу динна тIехиъна Iаш волчу
беречо боьранехь йолчу коьллашна юкъахь дин
сацийнера. Оцу динна тIехьа кхидолу дой дара –
расха а, сира а, кIайн а беснаш долу. 9 Ас хаьттира:
«Сан олахо, уьш муьлш бу?» – аьлла.
Соьца къамел деш долчу малико элира: «Ас
гойтур ду хьуна уьш муьлш бу». 10 Коьллашна
юкъахь волу бере вистхилира: «Уьш Везачу Эло
массо а лаьттахула дIасалела а, тергам бан а
бахийтинарш бу», – аьлла.
11 Цара коьллашна юкъахь расхачу динна
тIехиъна Iаш долчу Везачу Элан Малике иштта
жамI дира: «Тхо лаьтта тIехула дIасалийлира, ткъа
дерриг а дуьнен тIехь адамаш гIорасиза а, муьтIахь
а ду».
12 Везачу Элан Малико элира: «Массо а ницкъийн
Веза Эла! Мел Iийр ву те Хьо оьгIазвахана,
Ярушалайм-гIаланах а, ЯхIуд-мехкан гIаланех а
къинхетам ца беш, Ахь царна таIзар дина кхузткъе
итт шо даьллашехь?»
13 ТIаккха, малике жоп а луш, Везачу Эло дика а,
дог тедеш долу а дешнаш элира. 14 Соьца къамел
деш долчу малико соьга хIара элира: «ДIа а
кхайкхаде, дIа а ала: „Массо а ницкъийн Везачу Эло
иштта боху: ‘Ярушалайме а, Цийоне а болчу
боккхачу безамах вуьзна ву Со. 15 Инзаре йоккхачу
дераллица оьгIазвахана Со паргIат дехачу дегалчу
халкъашна, хIунда аьлча Сайн халкъана Ас лерина
йолу оьгIазло кIезиг хиллехь а, Аса шайгахула
таIзар дайтича, цара Суна лиъначул а сов ницкъ
бина Сан халкъана’. 16 Цундела Везачу Эло иштта
боху: ‘Со Ярушалайм-гIала юхавоьрзур ву, цунах
къинхетам бархьама. Цигахь Сан цIа
юхаметтахIуттур ду – боху массо а ницкъийн
Везачу Эло. – Ярушалайм-гIаланах чекхъер ю латта
дусту тIийраг’“.
17 Кхайкхош, кхидIа а дIаала: „Везачу Эло иштта
боху: ‘Сан гIаланаш юха а хьолах юзур ю. Везачу
Эло юха а Цийон-ломан дог а оьцур ду, Ярушалайм-
гIала къастор а ю’“».

---

† 1:1 Iезар 4:24–5:1; 6:14. †† 1:8 а: Довзийтинарг 6:4; 6: Довзийтинарг 6:2.

### МаIаш гар

18 Юха, сайн бIаьргаш ас хьалахьажийча, суна
йиъ маIа гира. 19 Соьца къамел деш долчу малике:
«Уьш хIун ю?» – аьлла, хаьттира ас.
Цо соьга жоп делира: «Уьш ЯхIуд-мехкан а,
Исраил-мехкан а, Ярушалайм-гIалин а нах
дIасабаржийна долу дуьненара нуьцкъала
халкъаш ду», – аьлла.
20 Цул тIаьхьа Везачу Эло виъ аьчк-пхьар гайтира.
21 «Уьш хIун дан схьабогIуш бу?» – аьлла, хаьттира
ас.
Цо соьга иштта жоп делира: «МаIаш йолчу оцу
халкъаша ЯхIуд-мехкан бахархой дIасалаьхкина,
цхьа а адам корта хьалаайа ца даьххьачу кепара,
ткъа хIорш уьш кхеро схьабаьхкина, яхIудхошна
дуьхьал маIаш хьалаайъинчу халкъийн маIаш
йохийна дIаяхархьама».

### Латта дусту тIийраг гуш сурт хIоттар

2 Ас сайн бIаьргаш юха а хьалахьажийча, суна
хIара гира: шен карахь латта дусту тIийраг
йолу цхьа стаг вара лаьтташ. 2 Ас хаьттира: «Хьо
стенга воьду?» – аьлла.
Цо жоп делира: «Ярушалайм-гIала юста воьду,
цуьнан шоралла а, йохалла а мел ю хаархьама».
3 ТIаккха соьга дистхуьлуш долу *малик* араделира,
ткъа кхин малик дуьхьал догIуш дара. 4 Цо кхуьнга
элира: «Сихха дадий, гIо! Оцу къоначу стаге дIаала:
„Цигахь дуккха а адамаш а, бежанаш а Iаш
хиларна, Ярушалаймах пен боцу гIала хир ю. 5 Ткъа
Со, – боху Везачу Эло, – Ярушалайм-гIалина гонах
цIеран пен а хилла дIахIуттур а ву, гIала Сайн
сийлаллех юзор а ю Аса“».

### Йийсаре дIабигначаьрга цIа дерзаре кхайкхар

6 «Варелаш! ДIадовдалаш къилбаседерчу
махкара, стигалан мох хьоькхучу еа а агIор шу
дIасадаржийнера Ас, – боху Везачу Эло. – 7 ЦIера
Цийонера долу къам, варелахь! Бавел-гIала
йийсаре дIадигна долу хьо, дедда кIелхьардала!»
8 Шен сийлаллица со вахийтинчул тIаьхьа, массо а
ницкъийн Везачу Эло иштта боху Шен халкъана
талораш динчу халкъашка: «Сан халкъах дIа мел
хьакхавелларг уггар беза болчу Сан йоIбIаьргах
дIахьакхавелла. 9 Ас хIинца Сайн куьг царна
дуьхьал хьалаойур ду, тIаккха хьалха шайн ялхой
хиллачарна хIонс хилла дIахIуьттур бу уьш».
Иштта хуур ду шуна, со массо а ницкъийн Везачу
Эло ваийтинийла.
10 «Йоккхае, самукъане хила, Цийонан йоI! †
ХIунда аьлча Со, дIа а веана, шуна юкъахь вехар ву,
– боху Везачу Эло. – 11 Оцу дийнахь дукха халкъаш
тIедоьрзур ду Везачу Элана. Сан халкъ а хилла
дIахIуьттур ду уьш. Со шуна юкъахь вехар ву.
ТIаккха хуур ду шуна Закри-ЯхIу-пайхамар шайна
тIе массо а ницкъийн Везачу Эло ваийтинийла.
12 Везачу Эло ЯхIудан халкъ Шен дола доккхур ду, и
халкъ дезачу лаьтта тIера Шен дакъа долу дела,
ткъа Ярушалайм-гIала юха а къастийна хир ю».
13 ДIасаца муьлхха а садолу хIума Везачу Элана
хьалха! ХIунда аьлча Иза Шен дезачу цIа чуьра
араволуш ву.

### Коьрта динан да гуш сурт хIоттар

3 ††Везачу Эло соьга Шен Маликана хьалха
лаьтташ волу коьрта *динан да* волу ЮшаI а,
иза бехкевархьама цунна аьтту агIор лаьтташ долу
шайтIа ‡ а схьагайтира. 2 ‡‡Везачу Эло элира
шайтIане: «Ва шайтIа! Везачу Эло дистхилар
доьхкийла хьуна! Ярушалайм-гIала хаьржинчу
Везачу Эло доьхкийла хьуна! ЦIерана юкъара
схьакхоьссина йолу яьгна дечиг-м яц те и стаг?»
3 Ткъа ЮшаI боьхачу бедаршца лаьтташ вара
маликана хьалха. 4 Малико, жоп а луш, шена
хьалха лаьттачаьрга иштта элира: «ДIаяха цунна
тIера боьха бедарш». Ткъа ЮшаIе иштта элира:
«Хьажал, хьуна тIера къа дIа а даькхина, ас хьуна
тIе хаза духарш духур ду».
5 Вист а хуьлуш, ас элира: «Цуьнан коьрта тIе
цIена чалба тилла». Цуьнан коьрта тIе цIена чалба
тиллира, дегIа тIе духарш дуьйхира. Ткъа Везачу
Элан Малик лаьтташ дара.
6 Везачу Элан Малико тоьшалла а дира, ЮшаIе
иштта дIа а элира: 7 «Иштта боху массо а ницкъийн
Везачу Эло: „Нагахь санна Сан некъашца хьо лелар
велахь, нагахь санна Сан парзаш ахь лардахь, Сан
цIенна тIехь куьйгалла деш а хир ву хьо, Сан
керташна тIехьожуш а хир ву. Ас хьуна бакъо лур ю
Со волчу ван, кхузахь лаьтташ берш Со волчу ма-
баххкара. 8 ‡‡ЛадогIал, коьрта динан да волу ЮшаI –
ахьа а, хьуна хьалха охьахевшина Iаш болчу динан
дайша а. Диканиг хирг хиларан билгалонаш ю шу.
Ас схьавалор ву Сайн ялхо, Айса кхиийна зIийдаг.
9 Хьажал, Ас ЮшаIана хьалха охьабиллина хIара
беза тIулг, шена тIехь ворхI агIо йолу! Ас-Айса, тIулг
хадош, цу тIехь йоза яздийр ду, – боху массо а
ницкъийн Везачу Эло. – Ткъа цхьана дийнан
муьрехь дIадоккхур ду Ас хIокху лаьттан къа.
10 ‡‡‡Оцу дийнахь, – боху массо а ницкъийн Везачу
Эло, – шух хIораммо а шайн кемсана а, инжир-
диттана а кIелахь Iа шайн уллораниг хьошалгIа
кхойкхур ву“».

### Стогар гуш сурт хIоттар

4 Соьга дистхуьлучу малико, юха а деана, со
самаваькхира, набарха самадоккху адам
санна. 2 Цо соьга хаьттира: «ХIун го хьуна?» – аьлла.
Ас жоп делира: «Берриг а деших бина болу стогар
а, цунна тIехула зайтдаьттанна дIахIоттийна кад а,

† *Цийон-ломан йоI *– иза ю Ярушалайм-гIала. И гIала Цийон цIе йолчу лам тIехь лаьтташ ю.**

†† *3:1 а: Iезар 5:2; б: Довзийтинарг 12:10.* ‡ *ШайтIа *– иза иблисан кхин цIе ю.** ‡‡ *3:2 ЯхIуда 1:9.* ‡‡ *3:8 Ярми-ЯхIу 23:5; 33:15; Закри-ЯхIу 6:12.* ‡‡‡ *3:10 Мика-ЯхIу 4:4.*

цунна тIехь болу ворхI *къуьда* а, цунна тIехь болчу къуьданийн ворхI-ворхI милт чухIотто меттиг а.
3 †Стогарна уллохь ши зайт-дитт а ду, цхьаъ кедана аьтто агIор, ткъа важа цуьнан аьрру агIор». 4 Жоп а делла, сайца къамел дечу малике хаттар дира ас: «Сан олахо, иза хIун ду?» – аьлла.

5 Соьца къамел дечу малико, соьга жоп а луш, элира: «Хьуна ца хаьа, иза хIун ду?»

«Сан олахо, ца хаьа суна-м», – элира ас.

6 ††Соьга жоп а луш, цо элира ‡: «Иза Везачу Элан дош ду, Зурбабеле аьлла долу. Цу дашо боху: „Эскарца а, ницкъаца а доцуш, ткъа Сан Синца, – боху массо а ницкъийн Везачу Дала. – 7 Ва боккха лам, хьо хIун ю? Зурбабелана хьалха хьох шера аре хир ма ю! Цо тIаьххьара тIулг буьллучу хенахь, наха гIовгIа йоккхур ю: ‘Далла бу хастам! Цуьнан дикачун дуьхьа ду иза!’ – бохуш“».

8 Соьга Везачу Элан дош кхечира: 9 «Кху Делан цIийнан бух Зурбабелан куьйгаша дIахIоттийна, цуьнан куьйгаша хIара цIа чекх а доккхур ду. ТIаккха Зурбабел волчу хьуна хуур ду массо а ницкъийн Везачу Эло Закри-ЯхIу-пайхамар хьан халкъана тIе ваийтинийла. 10 ‡†КIеззиг болх бен ца болийна де хьанна дегаза хетар ду те? Зурбабелан карахь санисбийриг шайна гича, нах самукъадаьлла хир бу. Ткъа хIокху ворхI чиркхах лаьцна аьлча, уьш Везачу Элан бIаьргаш бу, массо а лаьттахула хьоьжуш болу».

11 ‡‡ТIаккха цунна дуьхьал хаттар дира ас: «ХIун маьIна ду стогаран аьтту а, аьрру а агIор долчу шина зайт-диттан?» 12 ШозлагIа а хаьттира ас: «ХIун маьIна долуш ду шина дашочу биргIанна чуьра дашо даьтта охьаIеночу зайт-диттан ши га?»

13 Цо соьга элира: «Хьуна ца хаьа, иза хIун ду?»

Ас жоп делира: «Сан олахо, ца хаьа суна-м», – аьлла.

14 ТIаккха цо хIара дешнаш элира: «Дерриге а дуьненан Олахочунна гIуллакх дайтархьама, зайтдаьтта доттарца къобалвина волу шиъ ву уьш».

### Стигалахь лелаш, схьадаржийна хьарчош долу тептар гуш сурт хIоттар

5 Ас сайн бIаьргаш юха а хьалахьажийра: стигалахь лелаш схьадаржийна тептар дара. 2 Малико соьга хаьттира: «ХIун го хьуна?» – аьлла.

Ас жоп делира: «Стигалахь лелаш схьадаржийна тептар го суна. Цуьнан йохалла ткъа дол ду, шоралла итт дол ду».

3 Малико соьга элира: «Цунна тIехь яздина ду берриге а ЯхIуд-махка тIехь болчарна тIедогIу неIалт. ХIунда аьлча лачкъош мел верг дIаваьккхина хир ву, цхьана агIор яздина ма-дарра, харц дуй бууш мел верг а дIаваьккхина хир ву, вукху агIор яздина ма-дарра». 4 «Ас дIакхайкхадайтина тептар тIехь долу и неIалт, – боху массо а ницкъийн Везачу Эло. – Иза хIора къуьнан цIа чу а кхочур ду, Сан цIе а йохуш, харц дуй буучун чохь а хир ду. И стаг а, цуьнан дитташ а, цуьнан тIулгаш а хIаллакдина хир ду».

### Черман чохь зуда гуш сурт хIоттар

5 Сехьа а даьлла, соьга дистхуьлучу малико элира: «Юха а хьайн бIаьргаш хьала а айабай, арадолург хIун ду хьажал».

6 «И хIун ду?» – аьлла, ас шега хаьттича, цо элира: «И арадолург черма ду. Иза берриг а махка тIехь болчеран зулам ‡‡† ду».

7 Оцу хенахь дошах дина цуьнан негIар хьалаайира. Черман чу хиъна цхьа зуда яра.

8 Малико элира: «И зуда – еккъа Iесалла ю». Иза а аьлла, цо и зуда черман юккъе кхоьссира, ткъа черманна тIе дошан негIар кхоьссира. 9 Сайн бIаьргаш хьалахьажийра ас. Суна гинарг хIара дара: ши зуда гучуелира, церан тIемашца мох бара, ткъа церан тIемаш чIерийдохучун тIемаш санна дара. Цара и черма, хьала а айина, стигална а, лаьттана а юккъехула дIадаьхьира.

10 «Стенга дIахьош ду цара и черма?» – хаьттира ас сайга дистхуьлучу малике.

11 ТIаккха цо соьга иштта элира: «ШанIар-махка ‡‡‡ дIахьош ду, цигарчу лаьтта тIехь цунна Iибадат даран цIа дархьама. Ткъа и дерриг а кечдина даьлча, иза цигахь шен бух тIе дIахIоттор ду, нахе цунна Iибадат дайтархьама».

### Йиъ гIудалкх гуш сурт хIоттар

6 Ас сайн бIаьргаш юха а хьалахьажийча, суна хIара сурт го: шина ломана юккъерачу чIожа чуьра арайолуш йиъ гIудалкх ю, ткъа и лаьмнаш – йоьзан лаьмнаш ду. 2 §Хьалхарчу гIудалкххахь расха говраш ю, шолгIачу гIудалкххахь Iаьржа говраш ю, 3 §†кхозлагIчу гIудалкххахь кIайн говраш ю, ткъа йоьалгIачу гIудалкххахь сира говраш ю. Уьш ерриш а онда говраш ю. 4 Сайга дистхуьлучу малике къамел дIа а долош, ас элира: «Сан олахо, иза хIун ду?»

5 §††Малико соьга жоп делира: «Уьш стигалара арабуьйлу биъ мох бу, дерриге а дуьненан Олахочунна хьалха дIахIиттинчул тIаьхьа араболуш болу».

6 Iаьржа говраш шайгахь йолу гIудалкх къилбаседерчу махкахьа арайолуш ю, кIайн говраш малхбузехьа йовлуш ю, ткъа сира говраш къилбехьа йоьдуш ю. 7 Онда говраш, араевлча, лаьтта тIехула чекхйовла лууш яра. Малико элира:

† *4:3 Довзийтинарг 11:4.* †† *4:6 Iезар 5:2.* ‡ *Цо элира *– йолхалгIачу аята тIера уьтталгIачу аятан хьалхарчу декъе кхаччалц аяташкахь дуьйцуш дерг коьртачу къамелана юкъадалийна ду.** ‡† *4:10 Довзийтинарг 5:6.* ‡‡ *4:11 Довзийтинарг 11:4.*

‡‡† *Грекийн гочдар тIехь: *зулам. *Iебархойн тептар тIехь: *сибат.** ‡‡‡ *ШанIар-мохк *– иза Бавел-мехкан шира цIе ю. Цунах лаьцна хьахадо «Доладалар» цIе йолчу тептар тIехь 11:2.** § *6:2 а: Довзийтинарг 6:4; б: Довзийтинарг 6:5.* §† *6:3 Довзийтинарг 6:2.* §†† *6:5 Довзийтинарг 7:1.*

«Чекхйовла лаьттах». Уьш лаьттах чекх а евлира,
цара тергам а бира. 8 ТIаккха, со дIа а кхайкхина, цо
элира: «Хьажал, къилбаседерчу лаьтта тIе
араевллачу говраша цигахь хилла йолу Сан
дералла дIаяьлккхина».

### ЮшаIана тIе таж дилла омра дар

9 Соьга Везачу Элан дош кхечира: 10 «ХIокху
дийнахь хьо-хьуо Цапни-ЯхIун кIентан Юши-ЯхIун
цIа ваха веза. Бавел-махкахь болчу йийсарехь
болчаьргара хIинцца юхабирзинчу Хьелдайгара а,
ТIуби-ЯхIугара а, ЯдаI-ЯхIугара а совгIат схьаоьцур
ду ахь цигахь. 11 Цара хьайга делла детий, деший
схьа а эций, *таж* а дай, иза коьрта *динан да* волчу
ЯхIу-ЦIадакъан кIентан ЮшаIан коьрта тIе дилла.
12 †Цуьнга дIаала, – иштта боху массо а ницкъийн
Везачу Эло: „Хьажал, ЗIийдаг цIе йолчу хIокху стага
ша волчохь зIийдаг хьалакхиор ю, Везачу Элан цIа
юхаметтахIоттор ду цо. 13 Везачу Элан цIа
дIахIоттон верг иза хир ву. Паччахьан сийлалла
тIеоьцун верг а иза хир ву, паччахьан гIанта тIехь
олалла а дийр ду цо. Цуьнан паччахьан гIанта
уллохь коьрта динан да хир ву, ткъа цунна а,
вукхунна а юкъахь барт а, машар а лаьттар бу“.
14 Ткъа и таж Везачу Элан цIа чохь хир ду, Хьелдай
†† а, ТIуби-ЯхIу а, ЯдаI-ЯхIу а дагаваийтархьама а,
Цапни-ЯхIун кIанта Юши-ЯхIус дина дика
дагадаийтархьама а.
15 Геннахь дехаш долу адамаш кхуза схьаоьхур ду,
Везачу Элан цIа юхаметтахIоттош дакъалоцур ду
цара. Шуна а хуур ду со шайна тIе массо а
ницкъийн Везачу Эло ваийтинийла. Иза хир ду,
нагахь санна шайн Везачу Делан озе аша леррина
ладогIахь».

### Закри-ЯхIу-пайхамарехула бина хаамаш

### Даггара доцу марханаш емалдар

7 Дари-Ваша-паччахьо куьйгалла дечу
доьалгIачу шеран уьссалгIачу беттан – цунах
Кислав олу – доьалгIачу дийнахь Закри-ЯхIуга
Везачу Элан дош кхечира.
2 Бетал-Шар-Эцара дIаваийтинера РегIам-Малик
а, цуьнан нах а ‡ массо а ницкъийн Везачу Элан цIа
долчу, Веза Эла шайца дика хир вуй те аьлла
хаттийтархьама. Цара цигахь динан дайшка а,
пайхамаршка а хаттар дира: «Дуккха а шерашкахь
тхаьш ма-дарра, делха а, пхоьалгIачу баттахь
марханаш кхаба а дезий те оха?» – аьлла.
4 ТIаккха соьга массо а ницкъийн Везачу Элан
дош кхечира: 5 «ХIокху лаьтта тIера дерриге а
халкъе а, динан дайшка а иштта дIаала: „Шаьш,
делха а доьлхуш, шеран пхоьалгIачу а,
ворхIалгIачу а беттанашкахь марханаш кхобуш
(иза аша деш долу-м кхузткъе итт шо ду), Сан
дуьхьа-м ца кхобура аша и марханаш? Сан дуьхьа
дара те иза? 6 Шаьш хIума юуш, шаьш молуш шайн
дуьхьа ца йоу аша, шайн дуьхьа ца молу аша?“
7 Хьалхалерчу пайхамаршкахула а изза дешнаш
дацара Везачу Эло дIакхайкхош дерш, Ярушалайм-
гIала адамех юьзна а, маьрша а йолуш, цунна
гонахарчу ярташкахь а, къилбехьарчу НегIаб-
аренгахь а, малхбузерачу акъарешкахь а адамаш
дехачу хенахь?»

### Исраилхой йийсаре дIабигаран бахьанаш

8 Везачу Элан дош кхечира Закри-ЯхIуга: 9 «Массо
а ницкъийн Везачу Эло хIетахь иштта элира:
„Нийса кхел а елаш, вовшех къахеташ а, дог лозуш
а хилалаш. 10 Йисинчу зудчунна а, бо берана а,
тIевеанчунна а, мискачунна а гIело ма елаш. Шайн
даг чу вовшашна дуьхьал зулам дар дага ма
тасийталаш“.
11 Амма Сан тидам бан ца лаьара царна, Сох
дIабоьрзура уьш, шайн лергаш дIакъовлура цара,
Со шайна ца хазийта. 12 Шайн дегнаш чIагIдира
цара, массо а ницкъийн Везачу Эло Шен Синца
хьалхалерчу пайхамаршкахула боуьйту хьехам а,
дешнаш а ца хазархьама. Цундела тIееана царна
массо а ницкъийн Везачу Элан йоккха оьгIазло.
13 Иштта хилира: „Ас кхойкхуш цара ла ца догIаре
терра, цара кхойкхуш Аса а ла ца дугIура“, – боху
массо а ницкъийн Везачу Эло. – 14 Цундела, дарцо
санна, Ас дIасабаржийра уьш царна ца девзачу
халкъашна юкъахь. Царал тIаьхьа и латта
дассаделла дисира, цхьа а цунна тIехула дIаса а ца
лелаш. Иштта цара оцу хазачу махках бассийна
мохк бира».

### Везачу Эло Ярушалайм-гIала меттахIотто ваIда дар

8 Массо а ницкъийн Везачу Элан дош кхечира
соьга: 2 «Массо а ницкъийн Везачу Эло иштта
боху: „Боккхачу безамах вуьзна ву Со Цийоне. Цу
гIалин мостагIашка йолчу чIогIачу оьгIазаллех
вуьзна ву Со“. 3 Везачу Эло иштта боху: „Цийон-
лома тIе юха а вирзина, Со Ярушалаймехь вехар ву.
Ярушалаймах тешаме гIала эр ду, ткъа массо а
ницкъийн Везачу Элан ломах – беза лам эр ду“.
4 Массо а ницкъийн Везачу Эло иштта боху:
„Баккхий нах а, баккхий зударий а юха а
Ярушалайман урамашкахь хевшина Iийр бу, шаьш
баккхий хиларна Iасанаш кара а лаьцна. 5 Цу
гIалин урамаш ловзучу кIентех а, йоIарех а дузур
ду“.
6 Массо а ницкъийн Везачу Эло иштта боху: „И
санна долчух теша цу деношкахь дисинчу халкъан
бIаьргашна а тамашийна хилча, Сан бIаьргашна а
хир дуй те иза иштта тамашийна?“ – боху массо а
ницкъийн Везачу Эло. 7 Массо а ницкъийн Везачу
Эло иштта боху: „Сайн долу халкъ Ас

† 6:12 Ярми-ЯхIу 23:5; 33:15; Закри-ЯхIу 3:8. †† Цхьана
ширачу гочдар тIехь: *Хьелдай. *Iебархойн меттан тептар тIехь:
*Хьелам.* ‡ Бетал-Шар-Эцара дIаваийтинера РегIам-Малик а,
цуьнан нах а *– я иштта: *Бетал-гIаларчу наха бахийтинера
Шар-Эцар а, РегIам-Малик а, цуьнан нах а.*

кIелхьардоккхур ду малхбалерчу а, малхбузерчу а
мехкашкара. 8 Ас схьа а балийна, Ярушалаймехь
бехар бу уьш. Царах Сан халкъ хир ду, ткъа Со
церан Дела хир ву. Уьш нийсонца лелар бу, ткъа Со
царна тешаме хир ву“.
9 Массо а ницкъийн Везачу Эло иштта боху:
„Массо а ницкъийн Везачу Элан цIийнан бух
буттучу хенахь, пайхамарша аьлла долу хIара
дешнаш хIинца дIахезаш долчу аша шайн куьйгаш
чIагIделаш, *Делан цIа* юхаметтахIотторхьама. 10 И
денош тIекхачале, хьалхалерчу заманахь, наха а,
бежанаша а къахьегарх дика ялта ца кхиира,
махкахь лелаш волчу цхьана а мостагIчуьнгара
синтем бацара. Ас хIора стаге кхечунна дуьхьал
инкарло яйтира. 11 Ткъа хIинца хIокху халкъах
бисинчарна Со хIетахьлера санна вац, – боху массо
а ницкъийн Везачу Эло. – 12 Ялта дуьйр ду
сашортехь. Кемсийн гаьннаша а шайн стом лур бу.
Лаьтто а ша кхиийнарг схьалур ду. Стигалша а лур
ду шайн тхиш. И дерриг а Ас хIокху дисинчу
халкъана дIалур ду. 13 Хьалхалерчу заманахь кхечу
къаьмнех болчу наха, неIалт а кхайкхош, ЯхIудан а,
Исраилан а халкъ хьахадора. Амма хIинца Ас шун
аьтто бийр бу, нахана шу декъалдинарш хетар а ду.
Ма кхералаш, чIагIлойла шун куьйгаш!“
14 ХIунда аьлча массо а ницкъийн Везачу Эло
иштта боху: „Шун дайша Со оьгIазвахийтинчу
хенахь, Ас шу таIзар дан билгалдаьхча, Ас Сайн
кхел дIа ца яккхаре терра, – боху массо а ницкъийн
Везачу Эло, – 15 Ас юха а билгалдаьккхина хIокху
деношкахь ярушалаймхошна а, ЯхIудан халкъана а
дика дар. Ма кхералаш! 16 †Аша дан дезарш хIара
гIуллакхаш ду: вовшашка бакъдерг дийца, кхел ечу
шайн меттигашкахь бакъдолчуьнца гIуллакхаш
къастаде, барт хилийтархьама. 17 Мелхо а,
вовшашна дуьхьал зулам дар шайн даг чу ма
тасийталаш, ткъа дуй баарца харц тоьшалла дар
шайна ма дезийталаш, хIунда аьлча и дерриг а
Суна ца дезарг ду“», – боху Везачу Эло.
18 Массо а ницкъийн Везачу Элан дош кхечира
соьга: 19 «Массо а ницкъийн Везачу Эло иштта боху:
„БоьалгIачу а, пхоьалгIачу а, ворхIалгIачу а,
уьтталгIачу а беттан марханаш ЯхIудан халкъана
хазахетаран а, даккхийдеран а денош хилла
дIахIуьттур ду, амма бакъдерг а, машар а безалаш“.
20 Массо а ницкъийн Везачу Эло иштта боху:
„ТIейогIучу хенахь дуккха а халкъаш а, дукхачу
гIаланийн бахархой а Ярушалайм-гIалина тIеоьхур
бу. 21 Цхьана гIалин бахархоша, вукху гIалин
бахархошна тIе а баьхкина, эр ду: ‘Дуьйло, Веза Эла
вайца дика хилар деха а, массо а ницкъийн Веза
Эла лаха а гIо вай. Со а воьду цига’, – аьлла.
22 Дуккха а халкъаш а, ницкъ болу къаьмнаш а
Ярушалайм-гIалина тIеоьхур ду, массо а ницкъийн
Веза Эла лаха а, Цуьнга шайца дика хилар деха а“.
23 Иштта боху массо а ницкъийн Везачу Эло: „Цу
деношкахь иштта хир ду: массо а тайпана
меттанашкахь вистхуьлучу кхечу къаьмнех волчу
итт стага, куьйгаш а лаьцна, яхIудхочун бедаран юх
а лаьцна, иштта бохур ду: ‘Тхо хьоьца дIагIур ду,
хIунда аьлча, шуьца Дела ву бохуш, хезна тхуна’“».

### Исраилан халкъ а, кхин къаьмнаш а

### Гонахарчу халкъашна тIехь кхелъяр

9 ††ХIара хаам Везачу Элера бу:
ХIадрах-махкахь а, Дамасакх-гIалахь а соцур
ву Веза Эла. Исраилан массо а тайпанаш тIехь
санна, Цуьнан бIаьрг массо а адамашна тIехь бу ‡.
2 Цуьнан бIаьрг иштта бу Дамасакх-гIалина уллохь
болчу Хьамат-махкана тIехь а, хьекъалалла сов
долуш йолчу Цора а, ЦIадан а гIаланашна тIехь а.
3 Цора-гIалин бахархоша шайн гIалина
гобаьккхина чIагIонаш йина. Цара дети гулдина,
чан санна, арара хатт санна, деши а гулдина.
4 Делахь а Везачу Эло и гIала миска йина дIахIоттор
ю, цуьнан ницкъ хIорда чохь хIаллакбийр бу, ткъа
и ша цIарца хIаллакйина хир ю. 5 ‡†И дерриг а гина,
Ашкхилун-гIалин бахархой инзарбевр бу, Iази-
гIалара берш а, лазарша хьовзийна, бегор бу,
иштта хир бу Iекхранхой а, хIунда аьлча церан
сатийсам кагбина хир бу. Iази-гIалин паччахь
вуьйр ву, ткъа Ашкхилун-гIалахь цхьа а дийна
вуьсур вац. 6 Ашдод-гIалахь эделла тайпа дехар ду.
Везачу Эло боху: «ПIелаштамхойн куралла Ас
йожор ю. 7 ЦIий даар царна кхин могуьйтур дац Ас,
дегазчу цIушна лерина кхача баар доьхкур ду Ас.
ПIелаштамхойх бисинарш а вайн Делан долахь хир
бу. ЯхIудан халкъан тукхам санна хир бу уьш, ткъа
Iекхранхой, явсайхой ‡‡ санна, хир бу. 8 Эскаро
санна, Ас Сайн хIусам ларйийр ю, цхьа а тIемало
цунна чухула ца валийтархьама. Цхьа а гIело
йийриг кхин махка чувер вац, хIунда аьлча Со
хIинца Сайн бIаьргашца церан дуьхьа хьоьжу».

### Хинволу Паччахь

9 ‡‡†Везачу Эло боху:
«ЧIогIа хастамаш бе, Цийонан йоI!
хазахетарца цIогIа тоха, Ярушалайман йоI!
Хьажал, хьан паччахь ву хьо йолчу вогIуш!
Нийса а, толам баьккхина а ву иза.
Делахь а цуьнан эсала амал ю
Иза вирана тIехиъна вогIу,
боьршачу вирбокъана тIехиъна вогIу!
10 ‡‡‡Ас Эпрайм-махкара § тIеман гIудалкхаш
дIайохур ю,

† *8:16 Эпасхошка 4:25.*

†† *9:1-4 ЕшаI-ЯхIу 23:1-18; Яхьазкхиал 26:1–28:26; Юал 3:4-8; Iамос 1:9, 10; Маттай 11:21, 22; Лака 10:13, 14.* ‡ *Я иштта: *Исраилан массо а тайпанийн санна, массо а адамийн бIаьргаш Везачу Элана тIебирзина бу.** ‡† *9:5-7 ЕшаI-ЯхIу 14:29-31; Ярми-ЯхIу 47:1-7; Яхьазкхиал 25:15-17; Юал 3:4-8; Iамос 1:6-8; Цапни-ЯхIу 2:4-7.* ‡‡ *Явсайхой *– Ярушалайм-гIалин дуьххьарлера бахархой бара уьш. Дауд-паччахьо и гIала схьалаьцначул тIаьхьа, уьш цунна муьтIахь бинарш хилира.**

Ярушалайм-гIалара тIеман дой дIадохур ду,
ткъа тIеман Iад кагдина дIадаькккхина хир ду.
Оцу паччахьо халкъашна машар дIакххайкхор бу.
Цо олалла дийр ду цхьана хIорда тIера вукху хIордана тIе кхаччалц а,
Эпрат-хина тIера дуьненан йистошка кхаччалц а.
11 †Ткъа Сан халкъ долчу хьох лаьцна аьлча,
Айса хьоьца цIийца чIагIбина бинчу бертан дуьхьа
кхечу махка йийсаре дIабигна хьан нах,
хи доцучу ор чуьра санна, арабохур бу.
12 Юхадерза шайн гIопана тIе, сатуьйсу йийсархой!
Тахана Ас дIакххайкхадо, Ас шу хьалхачул шозза алсам декъалдийр ду.
13 ЯхIуд, Iад санна, Сайна тIеозор ву Ас,
пхерчий санна болчу Эпраймах дузур ду и Iад.
Хьан бахархой, Цийон, бохур бу Ас
грекийн мехкан бахархошна дуьхьал.
Царах эскархочун тур дийр ду Ас».
14 Веза Эла царна тIехула гучувер ву.
Ткъес санна, хецалур ду Цуьнан Iад.
Хьалдолчу Эло коьман маIа екор ю,
Иза къилберачу дарцашца дIаволалур ву.
15 Массо а ницкъийн Везачу Эло ларбийр бу уьш.
Цара шайн мостагIий дIакхоллур бу,
церан ширдолагийн тIулгаш а хьоьшур ду.
Муьйлур ду цара, гIовгIанаш а йийр ю,
чагIаро бахийча санна.
Уьш бузур бу, сагIин кад санна,
сагIа доккхучу кхерчан сенаш санна.
16 Цу дийнахь церан Везачу Дала
Шен халкъ кIелхьардоккхур ду,
Iуьно шен жа кIелхьар-ма-даккхара.
*Таж* тIера тIулгаш санна,
уьш Цуьнан лаьтта тIехь лепар бу.
17 ЭхI-хIай, мел исбаьхьа а, хаза а хир ду Цуьнан халкъ!
КIен ялто а, керлачу чагIаро а,
кегий нах а, мехкарий а денбийр бу.

### Везачу Эло халкъ кIелхьардоккхур ду алар

10 Везачу Эле догIа даийтар дехалаш бIаьста.
Веза Эла ву ткъес тухуьйтург а, нахана
шортта догIа лург а. Иза ву хIоранна а аренгахь
ялта лург а. 2 ††ЦIуша зулам дуьйцу, пал
туьйсучарна харцдерг а го, цара эрна гIенаш а
дуьйцу, даьссачух синтем а бо. Цу бахьанина нах,
уьстагIий санна, тилабелла лела. Царна гIело а йо,
царна тIехь Iу воцу дела.
3 Везачу Эло боху: «Сан оьгIазло Iушна дуьхьал
карзахъяьлла, бежалошна а Ас таIзар дийр ду ‡.
ХIунда аьлча массо а ницкъийн Веза Эла волу Со
ЯхIудан халкъ долчу Сайн жена тIехьийзар ву, Аса
царах Сайн сийлахь тIеман дин бийр бу. 4 ЯхIудан
халкъах массо а тайпана урхалчаш схьабевр бу.
Уьш хир бу, са болу тIулг санна, къиза а, четаран
хьостам санна, онда а, тIеман Iад санна, нуьцкъала
а. 5 ЯхIудан халкъ майра тIемалой санна хир ду,
тIамехь, урамашкара хатт санна, мостагIий
хьоьшуш долу. ТIом бечу хенахь Веза Эла шайца
волу дела, цара ур-атталла мостагIийн дошлой
эшор бу, уьш юьхьIаьржачу а хIиттош.
6 Ас ЯхIудан цIа чIагIдийр ду,
Юсупан цIа кIелхьардоккхур ду.
Ас уьш юхаберзор бу,
Со царна къинхетаме хилла дела,
ткъа уьш а хир бу,
Ас дIа ца тесча санна.
Со церан Веза Дела ву,
Цара орца даькккхича,
Ас царна жоп лур ду.
7 Эпраймхой, майра тIемалой санна, хир бу.
Церан дегнаш самукъане хир ду, чагIаро бахийча санна.
Церан бераш, иза а гина, баккхийбеш хир бу.
Везачу Эло диначух уьш даггара самукъадаьлла хир бу.
8 Iуьно шок тохарца санна хаам а бина,
Ас уьш схьагулбийр бу.
Мах а белла, Ас паргIатбохур бу уьш.
Хьалха санна, шортта хир бу уьш.
9 Ас шаьш, ахархочо хIу санна, кхечу къаьмнашна юкъахь дIасабаржийнехь а,
генарчу мехкашкахь Со дагаоьхуш Iийр бу уьш.
Цара шайн бераш а кхиор ду,
и бераш Исраил-махка юхадоьрзур а ду.
10 Ас уьш Мисар-махкара юхаберзор бу,
Ашур-махкара а схьагулбийр бу,
ГалIаде а, Ливануне а схьабалор бу Ас уьш,
амма ур-атталла цигахь меттиг а тоьар яц царна.
11 Баланийн хIордахула чекхбевр бу уьш,
цара хIордан тулгIенаш йохор ю,
ткъа Нил-хин кIоргенаш якъалур ю.
Ашур-мехкан куралла лахйийр ю,
Мисар-мехкан ницкъ дIабер бу.
12 Веза Эла волчу Ас Сайн халкъ чIагIдийр ду.
Сан цIарах уьш лелар бу», – боху Везачу Эло.

### Везачу Эло нуьцкъала пачхьалкхаш эшор

11 Ливанун-мохк, дIаделла хьайн кевнаш,
цIере хьан баганан-дитташ дIакхаллийтархьама!
2 Делха, зоьзан-дитт,
баганан-дитташ охьаэгна дела,
и даккхий дитташ хIаллакдина дела.
Делхийша, Башанан нежнаш,
луьста хьаннаш дIахедийна дела.
3 ЛадогIа Iуйн белхарийн аьзнашка –
церан сийлахь дежийлаш дIа ма евлла!
ЛадогIа къоначу лоьмийн гIигI даре –
Йордан-хин боьлак хIаллак ма йина!

‡‡† *9:9 Маттай 21:5; Яхьъя 12:15.* ‡‡‡ *9:10 Забур 71:8.* § *Эпрайм-мохк *– иза Исраилан къилбаседера пачхьалкх ю.** † *9:11 Арадаккхар 24:8.* †† *10:2 Маттай 9:36; Марк 6:34.* ‡ *Iуй... бежалой *– кхузахь уьш кхечу къаьмнийн куьйгалхой бу.**

### Ши Iу

4 Иштта боху сан Везачу Дала: «Дажаде урс хьакха
кечдина долу уьстагIий. 5 УьстагIий эцначара,
дохко ца бовлуш, уьш дойу, ткъа уьш духкучара
боху: „Декъала ву Веза Эла, со хьал долуш хилла!“
Церан-шайн Iушна а царах къа ца хета.
6 ХIокху лаьттан бахархойх Суна кхин къахетар
дац, – боху Везачу Эло. – Царах хIорра а Ас-Айса
церан уллорачун а, церан паччахьан а кара дIалур
ву, ткъа уьш карахь болчара церан мохк
хIаллакбийр бу. Ас церан карара бохур бац уьш».
7 Иштта совдегаршна урс хьакха кечдина
уьстагIий дажийра ас. Сайн кара ши *коьжалг* а
эцна, цхьанна «Дикалла», вукхунна
«Цхьаьнатохар» аьлла, цIераш а техкина, уьстагIий
дажош Iийра со. 8 ЖаIуйх кхаанга болх сацабайтира
ас цхьана баттахь. Совдегарш кIордийра суна, ткъа
уьш сох ца бешара. 9 ТIаккха ас элира: «Шун дуьхьа
кхин Ас уьстагIий дажор дац. Леш берш лойла,
хIаллакьхуьлуш берш хIаллакьхуьлийла, ткъа
бисинчара вовшийн декъий доийла». 10 Айса
«дикалла» аьлла коьжалг, схьа а эцна, йохийра ас,
Исраилан массо а тайпанашца айса бина барт
бохош. 11 Оццу дийнахь и барт бохийра. ТIаккха сан
терго еш болу совдегарш кхийтира, иза Везачу
Элан дош дуйла. 12 † ††Ас иштта элира цаьрга:
«Шайна тамехь делахь, сан алапа суна схьало,
нагахь санна дацахь – ма ло». ТIаккха цара алапина
лерина долу ткъе итт дети ахча делира суна.
13 Везачу Эло соьга элира: «Уьш пхьерана дIало ‡ –
иза Сох хIоттийна болу лакххара мах бу!» И ткъе
итт дети ахча, схьа а эцна, ас Везачу Элан цIийнан
пхьерана дIаделира. 14 «Цхьаьнатохар» аьлла йолу
сайн важа коьжалг, схьа а эцна, йохийра ас,
ЯхIудана а, Исраилна а юкъахь долу вежаралла а
дохош.
15 Везачу Эло соьга элира: «Юха а телхинчу
жаIуйн гIирс хьайца схьаэца. 16 ХIунда аьлча хIокху
махка тIехь Iу дIахIотто воллу Со, леш долчу шен
уьстагIийн дола деш воцург, дайнарш лоьхун
воцург, лазийнарш тоден воцург, могуш долчарна
кхача лун воцург, ткъа дерстинчеран жижиг а
дууш, ур-атталла церан бергаш схьайохун верг.
17 Декъаза ву Сан телхина Iу, жа дуьтуш волу!
Тур цуьнан аьтту куьйгана а, аьтту бIаьргана а
тухийла.
Цуьнан куьг кхоччуш заьIап хуьлда,
аьтту бIаьрг а кхоччуш бIаьрса доцуш буьсийла».

### Ярушалайм-гIала кIелхьаръяларх лаьцна хиндерг дийцар

12 Исраилан халкъах болу хIара хаам Везачу
Элера бу. Стигал дIасаяржийна волчу, латта
чIагIдина волчу, адамна чу са кхоьллина волчу
Везачу Эло боху: 2 «Хьажал, Ярушалайм-гIаланах
чагIаран кад бийр бу Ас. Массо а цунна гонахара
къаьмнаш, иза дIа а мелла, техкаш хир ду.
Ярушалайм-гIалина го барехь дакъа а лоцуьйтуш,
ЯхIудан халкъе а иза молуьйтур ду.
3 И де тIекхаьчча, Ярушалаймах беза боккха тIулг
бийр бу Ас массо а халкъашна. Иза меттахбаккха
мел гIиртинчо шена чIогIа зен дийр ду. Дуьненан
массо а къаьмнаш Ярушалайм-гIалина
дуьхьалдевр ду. 4 Цу дийнахь, – боху Везачу Эло, –
Аса муьлхха а говр Iадор ю, ткъа цуьнан дошло
хьекъалх воккхур ву. Сайн бIаьргаш Ас ЯхIудан
халкъана тIехьажор бу, иза лардархьама, амма
мостагIийн массо а говраш бIарзйийр ю Ас.
5 ТIаккха ЯхIудан куьйгалхоша шайн дегнашкахь эр
ду: „Массо а ницкъийн Веза Эла волчу шайн
Делехула Ярушалайм-гIалин бахархоша тхо
иракарахIиттош ду“. 6 Цу дийнахь Ас ЯхIудан
куьйгалхой дечигашна юккъерачу суйх а, цIевнийн
юккъерачу хаьштигех а тарбийр бу. Цара гонах мел
долу халкъаш аьтту а, аьрру а агIор а дIакхоллур ду,
ткъа шаьш Iийначу Ярушалайм-гIалахь адамаш
кхидIа а маьрша дехаш хир ду. 7 Везачу Эло цкъа
хьалха яхIудхойн эскар кIелхьардоккхур ду, Даудан
цIийнан а, ярушалаймхойн а сийлалла ЯхIудан
халкъан долчул лакха ца далийтархьама. 8 Цу
дийнахь Везачу Эло ярушалаймхой ларбийр бу.
Царна юкъара уггар а гIорасиза верг а, Дауд-
паччахь санна, ницкъ болуш хир ву, ткъа Даудан
цIа царна хьалха Дела санна а, Везачу Элан *Малик*
санна а хир ду.
9 И де тIекхаьчча, Ярушалайм-гIалина тIелеташ
долу дерриг а халкъаш хIаллакдан волалур ву Со.
10 ‡† ‡‡Ткъа Даудан цIенна а, Ярушалайм-гIалин
бахархошна а къинхетаман а, гечдаран доIанийн
са шортта тIеIанор ду Ас. ТIаккха хьовсур уьш
шаьш *гоьмукъ* чекхбаьккхина волчу Соьга. Цара
цунах лаьцна белхарш дийр ду, цхьаъ бен доцучу
берана тIера санна, уьш гIайгIане хир бу
дуьххьарлерчу доьзалхочунна гIайгIане хиларе
терра. 11 Цу дийнахь Ярушалайм-гIалахь хIуттур
долу белхар, МагIидда-арахь йолчу ХIадад-Римун
меттехь хилла белхар санна, доккха хир ду.
12 Мехкан бахархойн тукхамаш шаьш дол-долчохь
доьлхур ду – Даудан цIийнан тукхамаш шаьш
долчохь доьлхур ду, церан зударий шаьш болчохь
боьлхур бу, Натин цIийнан тукхамаш шаьш
долчохь доьлхур ду, церан зударий шаьш болчохь
боьлхур бу, 13 Левин цIийнан тукхамаш шаьш
долчохь доьлхур ду, церан зударий шаьш болчохь
боьлхур бу, ШамаIин цIийнан тукхамаш шаьш
долчохь доьлхур ду, церан зударий шаьш болчохь
боьлхур бу, 14 дисина тукхамаш а шаьш дол-
долчохь доьлхур ду, церан зударий а шаьш бол-
болчохь боьлхур бу».

† *11:12, 13 Маттай 27:9, 10.* †† *11:12 Маттай 26:15.* ‡ *Iебархойн тептар тIехь: *Уьш пхьерана дIало. *Цхьана ширачу гочдар тIехь: *Уьш Делан цIийнан хазнина дIало.**

‡† *12:10 Яхьъя 19:37; Довзийтинарг 1:7.* ‡‡ *12:10-14 Маттай 24:20; Довзийтинарг 1:7.*

13 «Цу дийнахь къинойх а, сийсазаллах а
цIанбалийта Даудан цIенна а, Ярушалайман
бахархошна а цхьа хьоста дIаделлалур ду.
2 И де тIекхаьчча, – боху массо а ницкъийн Везачу
Эло, – Ас дIайойур ю кху лаьтта тIера цIуйн цIераш,
уьш кхин дагаоьхур бац. Ас иштта махка тIера
дIабохур бу харцпайхамарш а, цIушна Iамал ян
лаар а дIадоккхур ду. 3 Нагахь санна цхьаммо
пайхамаралла леладахь, иза дуьнен чу ваьккхинчу
цуьнан дас а, ненас а цуьнга эр ду: „Хьо вехийла
дац, Везачу Элан цIарах ахь харцдерг дийцина
дела“. Цо пайхамаралла лелочу хенахь, цуьнан
шен дас а, ненас а цунах тур чекхдоккхур ду.
4 И де тIекхаьчча, шена сурт хIоттийна хIорра а
харцпайхамар Делан цIарах хаам бан хIуттур вац.
Нах лебархьама, пайхамарийн духар шайна
тIедухур дац харцпайхамарша цкъачунна.
5 ХIораммо а эр ду: „Со пайхамар вац, со
латталелорхо ву. Со бер долчу хенахь дуьйна
лаьтта тIехь болх беш ву [†]“. 6 Ткъа цуьнга эр ду:
„Хьан некха тIехь моьнаш хIунда ду?“ Цо жоп лур
ду: „Со везаш болчеран цIа чохь суна йиттина
дела“, – аьлла».

### ЖаIуьнан а, жен а кхоллам

7 [††]«ХIай, тур! Айалохьа Сан жаIуьнна тIе,
Суна уллора волчу стагана тIе, –
боху массо а ницкъийн Везачу Эло. –
Нагахь санна жаIуьнна чов яхь,
жа юкъара уьстагIий дIасадовдур ду.
Ас Сайн куьг кIезиг болчарна дуьхьал хьажор ду.
8 Берриге а махкахь иштта хир ду, –
боху Везачу Эло, –
ши дакъа хIаллакдина а хир ду, лийр а ду,
ткъа кхоалгIа дакъа дийна дуьсур ду.
9 И кхоалгIа дакъа Ас цIерга тосур ду.
Дети лаладаре терра, лалор ду иза,
деши цIандеш ма-хиллара, цIан а дийр ду.
Соьга кхойкхур бу уьш,
ткъа Суна хезар бу уьш.
Ас эр ду: „Иза Сан халкъ ду“.
Цара а эр ду: „Веза Эла – тхан Дела ву!“»

### ТIаьххьара тIом а, Веза Эла схьавар а

14 Хьажал, Везачу Элан цхьа де тIекхочуш ду. И
де тIекхаьчча, шуьгара яьккхина хIонс
мостагIаша шун бIаьргашна хьалха дIасайоькъур ю
шайна юкъахь. 2 Ас дерриг а халкъаш
Ярушалаймана дуьхьал тIом бан схьагулдийр ду.
ГIала схьаяьккхина хир ю. ЦIеношна талораш дийр
ду. Зударий сийсазбохур бу. ГIалин цхьа ах йийсаре
юьгур ю, ткъа дисина халкъ гIаланах дIахадийна
хир дац. 3 ТIаккха Везачу Эло, ара а ваьлла, оцу
халкъашна дуьхьал тIом бийр бу, тIеман дийнахь
Ша тIом ма-барра. 4 Цу дийнахь Цуьнан когаш
Ярушалайм-гIалина хьалха малхбалехьа лаьттачу
*зайт-диттийн* лам тIехь дIахIуьттур бу. И лам шина
декъе бекъалур бу малхбалера малхбузехьа йолчу
шуьйрачу тогIица. Ах лам къилбаседехьа дIабер бу,
ткъа важа ах къилбехьа дIабер бу. 5 Ацала
кхаччалц дIаяьржина йолчу оцу Сан тогIенехула
дIадовдур ду шу, яхIудхойн паччахь хиллачу Iузи-
ЯхIун деношкахь мохк бегийча шун дай дIабевдда
ма-хиллара. ТIаккха сан Веза Дела схьавогIур ву,
Цуьнца цхьаьна массо а маликаш а.
6 И де тIекхаьчча, серло а, шело а, йис а хир яц [‡].
7 И де цхьаъ бен хир дац, Везачу Далла бен хууш
доцу: я де, я буьйса хир яц. Суьйренан хенахь бен
гучуер яц серло.
8 [‡†]И де тIекхаьчча, Ярушалаймера дийна хиш
оьхур ду, царах ах хиш Дуьрачу хIордехьа, ткъа
дисина ах Дуьненаюккъера хIордехьа. Иштта хир
ду аьхка а, Iай а. 9 Ткъа Веза Эла дерриг а дуьненна
тIехь Паччахь хир ву. Цу дийнахь цхьа Веза Эла
бен Дела санна лорур вац, Цуьнан цIарца бен Деле
кхойкхур бац. 10 Къилбаседехьа йолчу ГибаI-гIалара
Ярушалаймана къилбехьа йолчу Римун-гIалина
тIекхаччалц дерриг а латта *Iариба-тогIи* санна хир
ду. Ярушалайм-гIала шен лекхачу меттехь кхидIа а
лаьттар ю. Иза хир ю Бен-Яманан кевнна тIера
дуьххьарлерчу кевнан меттехь долчу Сонерачу
кевнна тIекхаччалц а, Хьананиал-бIаьвнна тIера
паччахьан муттдоккхургана тIекхаччалц а. 11 [‡‡]Нах
цигахь кхерам боцуш бехар бу, иза хIаллакйо
кхоллам кхин кхочур бац Ярушалайм-гIалина.
12 Ярушалайм-гIалина дуьхьал тIом бинчу массо а
халкъашна Везачу Эло тухур долу ун иштта хир ду:
хIораннан а дегI телхар ду, иза шен когаш тIехь
лаьтташехь, цуьнан бIаьргаш телхар бу, бIаьргийн
даьIахкашна юккъехь лаьтташехь, цуьнан мотт а
багахь телхар бу.
13 И де тIекхаьчча, уьш Везачу Эло чIогIа боьхна
хьуьйзуьйтур бу. Цара вовшийн куьйгех кадеттар
ду, уьш вовшашна тIелетар а бу. 14 Ур-атталла
ЯхIудан халкъо а тIом латтор бу Ярушалайм-
гIалина дуьхьал [‡‡†]. Гонахарчу массо а халкъийн
бахам схьагулбина хир бу – боккхачу барамехь
долу деши, дети, духарш. 15 Иштта мостагIийн
меттаметтанашкахь йолчу говрашна,
вирбIарзанашна, эмкалшна, варрашна, муьлхха а
кхечу хьайбанна а хьалха санна долу ун кхетар ду.
16 [‡‡‡]Юха Ярушалаймана дуьхьалдевллачу массо а
халкъех биснарш хIора шарахь Паччахьна, массо а
ницкъийн Везачу Элана, *Iибадат дан* а, адамаш
кхалораш кIелахь Iаш долу деза денош даздан а
схьаоьхур бу. 17 Нагахь санна лаьтта тIера цхьа
къам Паччахьна, массо а ницкъийн Везачу Элана,
Iибадат дан Ярушалайме ца дагIахь, церан лаьтта
тIе догIа догIур дац. 18 Нагахь санна мисархой,

---

† *Цхьадолчу гочдарш тIехь: *лаьтта тIехь болх беш ву. *Iебархойн меттан тептар тIехь: *цхьаммо сох лай вина.** †† *13:7 Маттай 26:31; Марк 14:27.*

‡ *Серло а, шело а, йис а хир яц *– я иштта: *серло хир яц – шело а, йис а бен хир яц.** ‡† *14:8 Яхьазкхиал 47:1; Яхьъя 7:38; Довзийтинарг 22:1.* ‡‡ *14:11 Довзийтинарг 22:3.* ‡‡† *Я иштта: *ЯхIудан халкъо а Ярушалайм-гIалахь мостагIашна дуьхьал тIом латтор бу.** ‡‡‡ *14:16 Iамалъяр 23:39-43.*

новкъа а бевлла, схьа ца багIахь, царна а догIа хир
дац. Царна а дийр ду Везачу Эло адамаш кхалораш
кIелахь Iаш долу деза денош даздан ца богIучарна
деш доллу таIзар. [19] Иштта таIзар дийр ду адамаш
кхалораш кIелахь Iаш долу деза денош даздан
богIур боцучу мисархошна а, массо а халкъашна а.
[20] Цу хенахь говрийн горгалешна тIехь а дIаяздина
хир ду: «Везачу Элана къобалдинарг», – аьлла.
Везачу Элан цIа чуьра еш а хир ду, сагIа доккхучу
кхерчана хьалхара сагIин кедаш санна, деза.
[21] Ярушалаймехь а, ЯхIуд-махкахь а хIорра а яй
массо а ницкъийн Везачу Элана къобалбина хир
бу. СагIина леринарг дахьаш болчу массара а, и еш
схьа а эцна, царна чохь кхехкор ду жижиг. Цу
дийнахь кхин хир вац цхьа а совдегар массо а
ницкъийн Везачу Элан цIийнан кертахь.

# Малъаки

### Дешхьалхе

дӀаяздина дара Ӏийса дуьнен тӀе валале пхоьалгӀачу бӀешерашкахь, Ярушалайм-гӀалахь Делан цӀа юхаметтахӀоттийначул тӀаьхьа. Цара Делаца бинчу бартана тешаме хилар карладаккха динан дайшка а, халкъе а кхайкхар пайхамаран коьрта гӀайгӀа ю. Шайн дахаре а, Далла Ӏамалъяре а хьаьжжина, Делан халкъана юкъахь жимдалар а, талхар а хилар гуш дара. Цунна ма-дарра догӀу сагӀанаш Далла а ца дохуш, Цуьнан товрат-хьехамца а ца лелаш, Дела Ӏехавеш лелаш бу динан дай а, халкъ а. Делахь а Веза Эла схьавогӀур ву, Шен халкъана тӀехь кхел ярхьама а, и халкъ цӀандархьама а. Шена хьалхара Везачу Эло геланча воуьйтур ву, некъ кечбайтархьама а, Шен барт кхайкхорхьама а.

1 ХӀара Везачу Эло Малъаки-пайхамарехула
Исраилан халкъана бина хаам бу.

### Везачу Элан Исраилан къоме болу безам

2 †«Суна шу дезаделла», – боху Везачу Эло.
Ткъа аша: «Стенна тӀехь схьагайтина Ахьа Хьайн
безам?» – боху.
«Ӏесав Якъубан ваша ма хилла? – боху Везачу Эло.
– Делахь а, Сайн безам гайтархьама, Ас Якъуб а,
цуьнан тӀаьхье а хаьржинера, 3 амма Ӏесав а,
цуьнан тӀаьхье а дӀатеттинера. Ас цуьнан лаьмнех
яьсса меттиг йира, ткъа цуьнан долахь долу латта
яьссачу аренашкара чангӀалкхашна дӀаделира».
4 Нагахь санна Ӏесаван тӀаьхьенах болчу
эдомхоша: «Тхо дохийна, амма дохийнарг оха
меттахӀоттор ду», – бахахь, Везачу Эло иштта боху:
«Цара меттахӀоттор ду, ткъа Ас дохор ду. ТӀаккха
церан меттигах „харцонийн меттиг“ эр ду, ткъа
царах „Везачу Элан оьгӀазло гуттаренна тӀехь йолу
халкъ“ эр ду».
5 Иза шун бӀаьргашна гур ду, тӀаккха аша эр ду:
«Везачу Элан сийлалла Исраил-махкана арахьа а
кхочу!»

### Динан дайшна лерина Везачу Элан хьехам

6 «КӀанта ден сий до, иштта лено а шен олахочун
сий до. Нагахь санна Со шун да велахь, мичахь ду
Суна догӀу сийдар? Нагахь санна Со шун олахо
велахь, мичахь бу Суна богӀу ларам? – боху массо а
ницкъийн Везачу Эло. Ва динан дай, шу Сан цӀе
емалйийраш ма ду! Аша боху: „Оха муха емалйо
Хьан цӀе?“ 7 СагӀа доккхучу Сан кхерчана тӀе хьанал
боцу кхача а бахьаш, боху-кх аша: „Оха муха
сийсазваьккхина Хьо?“ Везачу Элана лерина болчу
кхачанан шуьнах цадашарца аша Со
сийсазваьккхина. 8 ††Къилахь дац ткъа, сагӀина
дахьаш дерг бӀаьрзениг деача? Вон дац ткъа,
сагӀина деанарг астагӀа я цамгар кхеттарг хилча?
ДӀакховдадел иштта дерг хьайн баьччанна – реза
хир варий те иза хьуна, хьо дика тӀеоьцур варий те
цо?» – боху массо а ницкъийн Везачу Эло.
9 «Цундела шайх къинхетам бар дехалаш Деле.
Ткъа шуьгара ишттаниг долуш хилча, шу тӀеэцалур
дуй те Цуьнга, шуна дика а деш? – боху массо а
ницкъийн Везачу Эло. – 10 Цул гӀолехь хир дара,
сагӀа доккхучу Сан кхерчана тӀехь эрна цӀе ца
латторхьама, шух цхьаммо Сан цӀийнан неӀарш
дӀакъевлинехь. Сан безам бац шуьга, – боху массо
а ницкъийн Везачу Эло, – шун куьйгаша деанарг
Суна тамехь хир дац. 11 Малх гучуболучуьра малх
дӀабузучу кхаччалц сийлахь хир ю халкъашна
юкъахь Сан цӀе. Муьлххачу а меттехь Суна лерина
хаза хьожа йогӀу хӀуманаш а, цӀена долу сагӀанаш а
дохур ду. Сийлахь хир ю Сан цӀе халкъашна
юкъахь, – боху массо а ницкъийн Везачу Эло. –
12 Ткъа аша Со сийсазвоккху, Хьалдолчу Элана
лерина долчу кхачанан шуьнах а ца дешаш,
Цуьнан кхача дола а хеташ. 13 Цу тӀе цунах лаьцна
аша, марош хьала а ойуш, цадашарца иштта олу:
„Ма кӀордийна-кх хӀара дерриге а!“ – боху массо а
ницкъийн Везачу Эло. – Лачкъийна а, астагӀа а,
цомгуш долу а дийнаташ Суна лерина аша сагӀина
деача, резахиларца шун карара уьш тӀеэца дезий
те Аса? – боху Везачу Эло. – 14 НеӀалт хуьлда, шен
жена юкъахь сакхт доцу боьрша уьстагӀ боллушехь,
Хьалдолу Эла волчу Суна и уьстагӀ сагӀина бан ша
чӀагӀо йина йоллушехь, сагӀина лерина сакхт долу
дийнат дуьйш волчунна – боху массо а ницкъийн

† 1:2-5 ЕшаӀ-ЯхӀу 34:5-17; 63:1-6; Ярми-ЯхӀу 49:7-22; Яхьазкхиал 25:12-14; 35:1-15; Ӏамос 1:11, 12; Ӏабди-ЯхӀу.

†† 1:8 Карлабаьккхинарг 15:21.

Везачу Эло. – ХIунда аьлча Со сийлахь-воккха
Паччахь ву. Сан цIе а ю халкъашна юкъахь
кхераме».

2 Цундела, динан дай, шуьга ду хIара весет.
[2] «Нагахь санна аша ла ца догIахь, нагахь
санна Сан цIе лара шу доггаха тIедирзина дацахь, –
боху массо а ницкъийн Везачу Эло, – Ас шуна
неIалташ а кхайкхор ду, шун декъалдаршна
сардамаш а духкур ду. ХIинцале а шуна сардам
боьллина Ас, аша шайн дегнаш Суна тIе ца
дерзийна дела. [3] Ас шух схьайолучу тIаьхьенна
таIзар дийр ду. Шун юьхь тIе кхелли кхуссур ю Ас –
шайн дезачу деношна аша лерина долчу сагIанийн
кхелли. Цуьнца цхьаьна шу а дIакхуьссур ду.
[4] †ТIаккха кхетар ду шу, и весет левихошца бина
болу Сан барт ларбархьама Ас дина хиларх, – боху
массо а ницкъийн Везачу Эло.
[5] ††Ас цаьрца бина болу барт дахаран а, машаран
а барт бара. Дахар а, машар а Ас царна дIабелира,
уьш Соьга ларамах буьзна хилийтархьама. Иштта
хила а хилира – уьш Сан цIаре ларамах буьзна
лаьттара, Суна хьалха инзарбевлла бисира. [6] Церан
багахь билггал бакъболу хьехамаш бара, харцдерг
ца долура церан матта тIера. Уьш Соьца машарца
а, догцIеналлица а лелара. Дукха адамаш къинош
летočуьра совцийра цара. [7] ХIунда аьлча динан ден
багано Делах лаьцна хааделларг лардан деза, ткъа
адамаша цуьнга шайна хьехамаш байта беза,
*динан да* массо а ницкъийн Везачу Элан геланча
волу дела.
[8] Амма шу, динан дай, нийсачу некъа тIера
дIадирзина. Шайн хьехамаш бахьана долуш, дукха
нах галбовлийтина аша. Аса левихошца бина болу
барт бохийна аша, – боху массо а ницкъийн Везачу
Эло. – [9] Иштта Ас шу дерриг а халкъана хьалха
дегаза а, юьхьIаьржа дина дIахIиттор ду, аша Сан
некъаш лар ца до дела а, товрат-хьехаман
гIуллакхаш тIехь аша озабезамаш лелабо дела а».

### Кхечу къомах йолу зуда ялорах а, зуда йитарх а лаьцна

[10] Цхьа да вац ткъа вайн? ‡ Цхьана Дала
кхоьллина дац ткъа вай? ХIунда хуьлу вай
вовшашна ямартлонаш лелош, Дала вайн дайшца
бина барт сийсаз а беш? [11] ЯхIудхоша а
ямартлонаш лелайо. Исраил-махкахь а,
Ярушалаймехь а дегаза хIума лелийна. Везачу
Элана дезаш долу Цуьнан деза цIа
сийсаздаьккхина яхIудхойн халкъо, хийрачу делан
йоI цо шена ялийна йолу дела. [12] Иштта дерг лелош
волу милла а Везачу Эло Якъубан тIаьхьенах
дIахадавойла! Цунах цхьа а ма вуьсийла, массо а
ницкъийн Везачу Элана сагIанаш дахийта!
[13] Аша-м кхин а хIара а до: Везачу Элан сагIа
доккхучу кхерчана тIе бIаьрхиш Iенадойту аша. Шу
делха а доьлху, узарш а до, хIунда аьлча, Веза Эла
кхин дIа ца хьожу аша деанчуьнга, Цо шун карара
сагIанаш резахиларца тIе ца оьцу. [14] Аша-м хаттар
до: «ХIун бахьанина?», – бохуш. И дера ду, къона
волуш хьайна ялийначу зудчуьнца ахьа барт беш
Веза Эла теш хилла дела. Ахь цу зудчунна ямартло
йина, иза хьайн накъост а, бакъйолу зуда а
йоллушехь. [15] Шегахь оьздангалла йолчу цхьаммо
а и саннарг ца лелийна, хIунда аьлча Делан
халкъана юкъахь хиндолу береш хIоранна а хила
ма лаьа ‡†. Цундела лар а лолаш, цхьаммо а
ямартлонаш а ма лелаелаш шен къоналлехь
хиллачу зудчунна дуьхьал. [16] «ХIунда аьлча майра
а, зуда а дIасакъастар ца деза Суна», – боху
Исраилан халкъан Везачу Дала ‡‡ «И деш волчо ша
къизаллех вузаво, – боху массо а ницкъийн Везачу
Эло. – Цундела шайн синан тергам белаш,
ямартлонаш ма лелаелаш».

### Къематде герга ду

[17] Аша Веза Эла шайн дешнашца кIадвина. «Оха
муха кIадвина Иза?» – олу аша. «Муьлхха а зулам
деш верг Везачу Элан бIаьргашна хьалха дика ву,
Цо иштташаьргахьа озабезам бо», – аларца, аша
шаьш кIордадайтина Цунна. Я иштта аларца:
«Мичахь ву нийса кхел еш волу Дела?»

3 ‡‡†«Хьовсал, Ас Сайн геланча вохуьйтур ву, цо
Суна хьалхара некъ кечбийр бу. ТIаккха аша
лоьхуш волу Олахо цIеххьана Шен дезачу цIа чу
вогIур ву. Шу хьоьгуш волу бертан геланча –
хьовсал, иза вогIур ву», – боху массо а ницкъийн
Везачу Эло.
[2] ‡‡‡Хьаьнга лалур ду те Иза схьавогIу де? Мила
латталур ву, Иза схьавеача? ХIунда аьлча Иза
дерриге а лалош йолу цIе санна а, дерриге а
цIандеш долу саба санна а ву. [3] Иза дети лалош а,
цIандеш а верг санна охьахуур ву. Цо левихой
цIанбийр бу, уьш, деши а, дети а санна, лалор бу
Цо, хила деззачу тайпана Везачу Элана лерина
сагIанаш цаьрга дахийтархьама. [4] ТIаккха Везачу
Элана яхIудхойн а, ярушалаймхойн а сагIанаш
тамехь хир ду, ширачу заманан деношкахь санна а,
дIадаханчу шерашкахь санна а.
[5] «Со шуна гергакхочур ву кхел ян. Аса сихха
тоьшалла дийр ду бозбунчашна а, кхечуьнца
лелачарна а, харц дуйнаш кхуллучарна а,
тIелаьцначу белхалочунна йогIу ял дIалуш
боцучарна а, йисинчу зудчунна а, бо берана а гIело

† *2:4 Лелар 3:11-13.* †† *2:5 Лелар 25:12.* ‡ *Цхьа да вац ткъа вайн? *– я иштта: *Вайн массеран да вац ткъа ИбрахIим?**

‡† *Шегахь оьздангалла йолчу цхьаммо а и саннарг ца лелийна, хIунда аьлча Делан халкъана юкъахь хиндолу береш хIоранна а хила ма лаьа *– я иштта: *Аша боху: «Шена чохь оьздангаллин са долчу а, вайн дас ИбрахIима а изза ца дина ткъа?» Иза цо дина, амма ИбрахIимна лууш дерг хIун дара? Делан халкъана юкъахь долу береш шен хилийта лууш вацара ткъа ИбрахIим?** ‡‡ *«ХIунда аьлча майра а, зуда а дIасакъастар ца деза Суна», – боху Исраилан халкъан Везачу Дала *– я иштта: *Амма аша боху: «„Нагахь санна хьайн зуда хьуна езаш яцахь, цунах дIакъаста мегар ду“, – боху Исраилан халкъан Везачу Дала».** ‡‡† *3:1 Маттай 11:10; Марк 1:2; Лака 1:76; 7:27.* ‡‡‡ *3:2 Юал 2:11; Довзийтинарг 6:17.*

ечарна а, тIевеанарг дIатоьттуш болчарна а, Соьга
ларамах буьзна боцучарна а дуьхьал», – боху массо
а ницкъийн Везачу Эло.

### Пайхамаро Везачу Элана юха тIедерза аьлла ккхайкхам бар

6 «Веза Эла волу Со хийца ца ло. Ткъа иштта шу а,
Якъубан тIаьхьенах дерш, цхьана а агIор хийца а
ца делла! 7 Шайн дай баьхначу заманахь дуьйна
Сан парзаш тIера дIадирзина шу, аша уьш лар ца
дина. Суна тIедерза, тIаккха Со а шуьгахьа воьрзур
ву, – боху массо а ницкъийн Везачу Эло. – Амма
аша хотту: „Муха тIедерза тхо?“ – олий. 8 Адамна
мегий те Далла къола дан? Ткъа аша Суна къола до.
„ХIун деш къола до оха?“ – хаттар до аша. Шайн
долахь долчух уьтталгIа дакъа Суна цадаларца а,
Суна догIу сагIанаш цадахарца а до. 9 Хьуна тIехь,
дерриг а халкъ, неIалт ду, хIунда аьлча аша Суна
къола до. 10 †Схьадайша шайн долахь долчух
уьтталгIа дакъа дерриг а чIоьнашна чу, Сан дезачу
цIа чохь кхача хилийтархьама. Оцу тIехь зейша Со,
– боху массо а ницкъийн Везачу Эло. – Ас
дIайоьллур яц ткъа шуна стигалан неIарш, тIеIанор
дац ткъа Ас шуна тоъал декъалдарш? 11 Ас шун
дуьхьа доьхкур ду цIазана лаьттан стоьмаш
хIаллакбар, иштта шун аренгара кемсийн
таьллангаш а шайн стоьмех евр яц, – боху массо а
ницкъийн Везачу Эло. – 12 Шух массо халкъаша
декъалдинарш эр ду, хIунда аьлча шун мохк
безаме мохк хир бу», – боху массо а ницкъийн
Везачу Эло.

### Шена тешаме болчарна Дала ял ялар

13 «Шун дешнаш Суна хьалха кIоршаме ду, – боху
Везачу Эло. – Амма аша хаттар до: „ХIун аьлла оха
Хьуна дуьхьал?“ – бохуш. 14 Аша элира: „Далла
гIуллакх дар эрна ду. ХIун пайда бу Цо тIедехкина
декхарш вай кхочушдаран, массо а ницкъийн
Везачу Элана хьалха вай сингаттаман духарш
лелоран? 15 Вайна моттарехь кураберш ирс долуш
бу. Иштта, харцонаш лелораш беркатехь Iаш бу,
ткъа Дела зуьйш берш а дийна буьсуш бу“».
16 ТIаккха Везачу Эле ларамах буьзна болчара
вовшашка олура, ткъа Везачу Элана, тидам бича,
цара аьлларг хезира. Цунна хьалха дагалацаман
тептар тIехь дIаязъеш яра Везачу Эле ларамах
буьзначеран а, Цуьнан цIе лоручеран а цIераш.
17 «Уьш Сан хир бу, – боху массо а ницкъийн Везачу
Эло. – Ас бекхам бечу дийнахь царах Сан долахь
долу жовхIар хир ду. Ас царах къинхетам бийр бу,
дас шена гIуллакх деш волчу кIантах къинхетам
баре терра. 18 ТIаккха юха а гур ю шуна
хьаналчунна а, Iесачунна а, Далла гIуллакх деш
волчунна а, воцучунна а юкъахь йолу башхалла».

4 «Гур ду шуна, Аса бекхам бо де тIекхочур ду,
ткъа иза йогу пеш санна хир ду. ТIаккха
кураллаш еш берш а, харцонаш лелош берш а –
берриш а ча санна хир бу, уьш тIедогIун долчу
дийно багор бу, – боху массо а ницкъийн Везачу
Эло, – церан я орам, я гаьннаш дуьтур дац. 2 Ткъа
Соьга ларамах дуьзна долчу шуна тIехула нийсо
тIейоуьйту малх гIоттур бу, цуьнан зIаьнаршкахь
дарба хир ду. Шу, божала чуьра арахецна долу эсий
санна, кхиссалур ду. 3 Iесанаш аша хьоьшур бу, Ас
бекхам бечу дийнахь шун когаш кIел уьш чан
санна хир болу дела», – боху массо а ницкъийн
Везачу Эло.

### ДIахьедар а, чIагIо яр а

4 «Дагахь латтабелаш Сан ялхо волчу Муса-
пайхамаран *товрат-хьехам* – Хьарибехь Ас цуьнга
дIаделла долу парзаш а, тIедехкинарш а, уьш
Исраилан дерриг а халкъе кхочушдайтархьама.
5 ††Ас шуна тIе Эли-ЯхIу-пайхамар воуьйтур ву,
сийлахь а, къемате а долу Везачу Элан де
тIекхачале. 6 Цо дайн дегнаш берашкахьа дерзор
ду, ткъа берийн дегнаш дайшкахьа дерзор ду, Со,
дIа а ваийтина, Соьга шайн мохк дIа а
къастабайтина, иза кхоччуш хIаллак ца
байтархьама».

† *3:10 Iамалъяр 27:30; Лелар 18:21-24; Карлабаькkхинарг 12:6; 14:22-29; Нахьми-ЯхIу 13:12.*

†† *4:5 Маттай 11:14; 17:10-13; Марк 9:11-13; Лака 1:17; Яхьъя 1:21.*

# Маттай

### Дешхьалхе

– Іийса Дала Ша лур ву аьлла волу КІелхьардохург хиларх лаьцна кхаъ бу. Цу КІелхьардохучуьнгахула хьалха бинчу бартаца Іаш болчу Шен нахана дина ваІданаш кхочуш дира Дала. Шена юкъахь Іийса винчу а, ваьхначу а жуьгтийн къомана хилла ца Іаш, дерриг а дуьненна а бу и хаза кхаъ.
яздина тептар леррина кечдина ду. Тептаран хьалхарчу дакъош тІехь Іийса дуьнен чу валарх а, Иза хих чекхваккхарх а, зерах а лаьцна дуьйцу (1:1–4:11). КхидІа тептаро дуьйцу Іийсас Галилай-махкахь нах тобарх а, нахана хьехамаш барх а лаьцна (4:12–18:35). Цул тІаьхьа тептар тІехь Іийсас Галилай-махкара Ярушалайм-гІала бинчу некъах а, Іийсан тІаьхьарчу кІиранчохь хилла долчу гІуллакххех а, Иза жІарах дІатохарх а, веллачуьра денваларх а лаьцна ду (19:1–28:20).
ХІокху тептаро гойту, Іийса – Дала беллачу хьехамийн маьІна дан Ша бакъо йолуш волу а, Делан Олаллех лаьцна хьехамаш беш волу а воккха Устаз хилар. Дукхахболу Цуьнан хьехамаш пхеа декъе вовшахтоха мегар ду:
(1) Ламанан басе тІера бина хьехамаш. Цу декъан коьрта маьІна – Стигалийн Олаллин бахархойн амал а, бехкаш а, бакъонаш а, хиндерг а ду (5–7 кортош);
(2) Шийтта мурд дІахьажош дина долу весет (10-гІа корта);
(3) Стигалийн Олаллех лаьцна долу хьекъале дустарш (13-гІа корта);
(4) Іийсан мурд хиларх лаьцна болу хьехамаш (18-гІа корта);
(5) Кху заманан чаккхенах а, хиндолчу Делан Олаллех а лаьцна хьехамаш (24–25 кортош).

### Іийса схьавалар

(Лака 3:23-38)

1 ХІара ду шуна Дала леррина къобалвинчу
Іийсан схьаваларх лаьцна долу дІаяздинарг.
Иза Даудах схьаваьлла, ткъа Дауд ИбрахІиман
тІаьхьенах хилла.
2 ИбрахІим Исхьакхан да хилла,
Исхьакх – Якъубан да,
Якъуб – ЯхІудан а, цуьнан вежарийн а да,
3 ЯхІуд – Парасан а, Зерахьан а да, ткъа церан
нана Тамара хилла.
Парас Хьацранин да хилла,
Хьацрани – Раман да.
4 Рам Іамминадабан да хилла,
Іамминадаб – Нахьшонан да,
Нахьшон – Салманан да,
5 Салман – БоІазан да. БоІазан нана Рахьаб хилла.
БоІаз Іабадин да хилла. Іабадин нана Рути хилла.
Іабади Юшайн да хилла,
6 Юшай – Даудан да хилла.
Дауд Сулим-паччахьан да хилла, цуьнан нана
хьалха УрьяхІугахь марехь хилла.
7 Сулим-паччахь РахьбуІаман да хилла,
РахьбуІам – Аби-ЯхІун да,
Аби-ЯхІу – Асин да,
8 Аса – ЯхІушаптин да,
ЯхІушапти – Йораман да,
Йорам – Іузи-ЯхІун да,
9 Іузи-ЯхІу – Йовтаман да,
Йовтам – Ахьазан да,
Ахьаз – Хьузакх-ЯхІун да,
10 Хьузакх-ЯхІу – Маннашан да,
Маннаш – Аминан да,
Амин – Юши-ЯхІун да,
11 †Юши-ЯхІу – Яхун-ЯхІун а, цуьнан вежарийн а да
хилла. Цу хенахь дерриг а Исраилан къам Бавел-
махка дІадигна хилла.
12 Бавел-махкара цІа баьхкинчу хенахь Яхун-ЯхІу
Шалтаалан да хилла,
Шалтаал Зурбабелан да хилла,
13 Зурбабел – Авадин да хилла,
Авади – Элъякъиман да,
Элъякъим – Узаран да,
14 Узар – ЦІадукъин да,
ЦІадукъа – Ахьмин да,
Ахьма – Аладин да,
15 Алади – ЭлиІазаран да,
ЭлиІазар – МатІанин да,
МатІани – Якъубан да,
16 Якъуб – Мареман майра волчу Юсупан да.

† *1:11 2 Шерашкахь 36:10; Ярми-ЯхІу 27:20.*

Марема Iийса вина, *Дала леррина Къобалвинарг*
аьлла, цIе йоккхуш волу.
17 ИбрахIимна тIера Даудана тIе кхаччалц ейтта
тIаьхье хилла, Даудана тIера Бавеле йийсаре
бахийтталц – ейтта тIаьхье хилла, ткъа иштта ейтта
тIаьхье кхиъна Бавелера юхабалийначул тIаьхьа
Iийса дуьнен чу валлалц.

### Iийса дуьнен чу валар

18 †Цуьнан дуьнен чу валар иштта хилира: Iийсан
нана Марем Юсупна ехна хилла. Амма иза маре
яхале гучудаьлла Марем Делан Синах доьзалхочух
хилар. 19 Цуьнан хин волу майра Юсуп чIогIа оьзда
стаг хилла. Цо шайна юкъахь хьахаделла долу
захало, нахала а ца доккхуш, дохо сацам бина
хилла. 20 Цо цу гIуллакхах ларьцна ойла ечу хенахь,
цунна гIенах Везачу Элан *малик* дуьхьалтесира.
Малико элира:
« *Даудан кIант* Юсуп, Марем хьайна дIайига ма
кхера, хIунда аьлча цуьнан кийрахь долу бер
Делан Синах схьадаьлла ду. 21 ††Цо кIант вийр ву.
Цуьнан цIе Iийса ‡ тиллалахь, хIунда аьлча Цо Шен
къам къинойх кIелхьардоккхур ду».
22 И шадерг а хилла, Везачу Эло Шен
пайхамарехула аьлларг кхочуш хилийтархьама.
Делан Йозанна тIера дешнаш иштта дара:
23 ‡†«ЙоIстага, берах а хилла, КIант вийр ву,
Цуьнан цIе Iимануал туьллур ю.
Иза „Тхоьца Дела ву!“ – бохург ду».
24 Юсуп самаваьлча, цо, Везачу Элан малико ма-
хьеххара, Марем шена маре схьаялийра. 25 ‡‡Амма
бер дина яллалц, цо цунах куьг ца туьйхира. Юсупа
цу кIентан цIе Iийса тиллира.

### Iийса волчу хьекъалчаш богIу

2 Iийса ЯхIуд-махкарчу Байтлахам-гIалахь вина.
Иза яра ХIарод-паччахь олаллехь волу зама.
Iийса дуьнен чу ваьлла жимма хан яьлча,
Ярушалайм-гIала баьхкира малхбалехьара
хьекъалчаш. 2 Цара адамашка хоьттура: «Мичахь
ву хIинцца дуьнен чу ваьлла волу жуьгтийн
къоман паччахь? Тхуна къеггина схьакхетта ‡‡† болу
Цуьнан седа гира. Цундела, Цунна хьалха гора а
хIуттуш, корта тоха даьхкина тхо». 3 Иза шена
хезча, ХIарод-паччахь синтем байна хьаьвзира,
ткъа цуьнца ерриг а Ярушалайм-гIала сингаттаме
хилла дIахIоьттира. 4 ХIарода ша волчу кхайкхира
шен махкара динан коьрта дай а, Iелам нах а. Цо
цаьрга хаьттира: «Муьлхачу меттехь дуьнен чу
вала везаш вара *Дала леррина Къобалвинарг*?» –
аьлла.

5 Цара цуьнга жоп делира: «ЯхIуд-махкарчу
Байтлахам-гIалара, хIунда аьлча шен йозанна тIехь
пайхамаро аьлла ду:
6 ‡‡†„Хьо а, ЯхIуд-махкара Байтлахам-гIала,
ЯхIудан махкарчу сийлахьчу гIаланаш юкъахь
лахара яц.
Хьан махкара вер ву,
Сан Исраилан къоман куьйгалхо хилла дIахIуттун
верг!“»
7 ТIаккха ХIарода къайлаха шена тIе
схьакхайкхира малхбалера баьхкина болу
хьекъалчаш. Цаьргара цунна хиира, маца
гучубаьлла стигалахь керла седа. 8 Байтлахам-гIала
уьш дIахьажош, цо царна тIедиллира: «ДIа а гIой,
цу берах ларьцна доллу хIума а хаа хьовса. Шайна
иза карийначул тIаьхьа соьга хаам бе, цига ваха а
вахана, соьга а Цунна *Ибадат* дайта».
9 Паччахьо шайна тIедиллиначуьнга ла а доьгIна,
уьш новкъа бевлира. Царна къеггина схьакхетта
гина болу седа §, хьалха а баьлла, меллаша
стигалахула дIабоьдуш бара. ТIаьххьара а иза
сецира нийсса и бер долчу меттигна тIехула.
10 Шайна и сурт гича, хьекъалчаш чIогIа хазахетта
хьаьвзира. 11 Шаьш цIа чу а дахана, шайна и Бер а,
Цуьнан нана Марем а гича, цара, гора а хIиттина,
кортош охьа а таIийна, Цунна *Ибадат* дира. ТIаккха
Цунна совгIаташ а делира: деши а, хаза хьожа йогIу
еза хIума а, деза хьакхар а. 12 ТIаьхьо царна гIенах
Дела дуьхьалтесира. Цо цаьрга ХIарод-паччахь
волчу юха ма гIо элира. Цундела уьш кхечу
новкъахула шайн махка дIабахара.

### Мисар-махка дIабовдар

13 Хьекъалчаш дIабахча, Юсупна гIенах Везачу
Элан *малик* дуьхьалтесира. Цо элира: «ХьалагIатта,
схьаэца бер а, цуьнан нана а, Мисар-махка, вадий,
дIагIо. Аса шайга хаам баллалц, цигахь Iе, хIунда
аьлча ХIарод-паччахь и бер лохуш ву, иза ден
гIерташ а ву».
14 Юсуп, сама а ваьлла, бер а, Марем а схьа а
эцна, буьйсанна Мисар-махка ведда дIавахара.
15 §†ХIарод-паччахь шен Iожаллех кхалххалц, уьш
цигахь Iийра. Иштта кхочушхилира Везачу Эло
пайхамарехула аьлларг: «Мисар-махкара
аравалийтархьама схьакхайкхина Аса Сайн
кIанте».

### Бераш дайар

16 Хьекъалчаша ша левинийла хиъча, ХIарод-
паччахь чIогIа оьгIазвахара. Цо сихонца омра
делира, Байтлахам-гIалахь а, цунна гонах йолчу
ярташкахь а шина шарера далаза долу божабераш
дайа аьлла. Цу берийн хан цо билгалъяьккхина
хьекъалчашца шен хиллачу къамелехула. 17 Цу

† 1:18 Лака 1:27. †† 1:21 Лака 1:31. ‡ *Iийса *– иза «Везачу Эло кIелхьарвоккху» бохург ду.** ‡† *1:23 ЕшаI-ЯхIу 7:14 (Грекийн).* ‡‡ *1:25 Лака 2:21.* ‡‡† *Къеггина схьакхетта болу Цуьнан седа *– я иштта: *малхбалехьа йолчу агIонгахь болу Цуьнан седа.**

‡‡‡ *2:6 Мика-ЯхIу 5:2.* § *Я иштта: *Царна малхбалехьа йолчу агIонгахь гина болу седа.** §† *2:15 ХIушаI 11:1.*

тIехь кхочушхилла Ярми-ЯхIу-пайхамарехула хилла
болу хаам:
18 †«Аз хеза Рами чохь,
инзаре мохь, тийжар хеза.
Рахьал йоьлху шен берашна,
амма цхьаммо а шен дог оьцийла цунна ца лаьа,
хIунда аьлча цуьнан бераш дийна дац».

### Мисар-махкара юхаверзар

19 ХIарод-паччахь веллачул тIаьхьа Юсупна
Мисар-махкахь юха а Делан малик дуьхьалтесира.
20 «Хьала а гIаттий, – элира цо, – бер а, цуьнан нана
а схьа а эций, Исраил-махка дIагIо, хIунда аьлча
бер ден гIиртинарш белла».
21 Бер а, Марем а схьа а эцна, Исраил-махка
дIаваха новкъа велира Юсуп. 22 Шаьш цига
дIакхачале, цунна хиъна, ХIарод-паччахь
кхелхинчул тIаьхьа цуьнан дарже дIахIоьттинарг
паччахьан кIант Архул вуйла. Иза цига дIаваха ца
хIоьттира. Амма цунна гIенах юха а малик
дуьхьалтесира. Цо Юсупна цигара дIаваха
тIедожийра. ТIаккха Юсуп Галилай-махка
дIавахара. 23 ††Уьш Назарт-гIалахь б�ха хевшира.
Иштта кхочушхилира Дала пайхамарехула аьлларг:
«Цунах назартхо эр ду».

### Яхьъяс кхайкхам бо

(Марк 1:1-8; Лака 3:1-18; Яхьъя 1:19-28)

3 Цхьа зама тIекхаьчча, Яхьъя ЯхIуд-махкарчу
яьссачу аренгахула кхайкхам беш волавелира.
2 ‡«Стигалийн Олалла генахь дац шуна! Дохко а
довлий, Далла тIедерза!» – бохура Цо.
3 ‡†Яхьъях лаьцна ЕшаI-ЯхIу-пайхамаро аьлла:
«Яьссачу аренгахь кхойкхучун аз хезаш ду:
Везачу Элана некъ кечбе!
Нисде Цунна хьалха некъан тачанаш!»
4 ‡‡Цу хенахь Яхьъяс эмкалан тIаргIанах йина
бедарш а лелайора, гIодаюккъе шуьйра тIаьрсиган
доьхка а доьхкура. Юучу хIуманах цо
билгалдаьккхинарг цIоз а, акха моз а дара. 5 Дукха
адам догIура цунна тIе: Ярушалаймера а, ЯхIуд-
махкара а, Йордан-хи йистехь дехаш долу адамаш
а. 6 Шайх даьллачу къиношна Далла хьалха дохко а
бовлий, Йордан-хи чохь шаьш хих чекхдохуьйтура
наха Яхьъяга.
7 ‡‡†Шена тIеоьхуш дуккха а *садукъой* а, *парушхой*
а гича, Яхьъяс элира:
«Шу лаьхьанан кIорнел а чIогIа зуламе адамаш
ма ду! Хьан бина шуьга, тIедогIучу къематан
дийнах кIелхьардовла деза аьлла, хаам? 8 Шу Далла
тIедирзина делахь, шайн дахарехь иза гайта.
9 ‡‡‡„Тхан да ИбрахIим ву“, – аьлча, шаьш
кIелхьардевр ду ма мотталаш. Делан таро ю оцу
Iохкучу тIулгех а ИбрахIимна тIаьхье ян.
10 §Орамашна тIехула диг хьалаайина ду: шена тIе
пайден болу стом латош доцу хIора дитт, хада а
дой, цIера юккъе кхуссу. 11 Шу Далла тIедирзина
дела, Ас хих чекхдоху шу, амма сол тIаьхьа ван
везарг сол нуьцкъала ву. Со Цунна мачаш кхехьа а
хьакъ вац. Цо шу Делан Синах а дузур ду, цIарца а
дахчор ду. 12 Цуьнан карахь кIа ору баьхьа бу. Цо
хьаьттахь кIа цIандийр ду. КIа цIа чу схьагулдийр
ду, ткъа кегаш цкъа а дIайовр йоцучу цIера юкъахь
ягор ю Цо».

### Iийса хих чекхваккхар

(Марк 1:9-11; Лака 3:21, 22)

13 Галилай-махкара Йордан-хи тIе веара Iийса, Ша
Яхьъяга хих чекхваккхийта. 14 Иза сацо гIоьртира
Яхьъя:
«Со-суо ву Хьоьга хих чекхваккхийта везаш верг.
Ткъа Хьо-Хьуо ма веана суна тIе?»
15 Iийсас цуьнга элира: «Тахана шадерг а иштта
хила дезаш ду. Берриг а Делан лаам вай кхочушбан
беза».
Яхьъя Цо бохучунна резахилира.
16 Iийсас Ша цуьнга хих чекхваккхийтира. Иза хи
чуьра араволлушехь, Дала стигалш
дIасаеллаялийтира. Iийсана хьалха кхокханан
суьртехь лакхара охьадогIуш долу Делан Са
дIахIоьттира. Иза нийсса Цунна тIе охьадеара.
17 §†Стигалара схьахезаш долчу озо элира:
«Иза ву Сан хьоме КIант! Цуьнца бу Сан лаам!»

### Iийса зер

4 §††Цул тIаьхьа Делан Сино Iийса яьссачу аренга
дIавигира, иблисе Иза зейта. 2 Шовзткъа де-
буьйса *марха* кхобуш дIадаьлча, Иза чIогIа
мацвелла хьаьвзира. 3 Иблисо, Цунна тIе а дахана,
элира: «Хьо *Делан КIант* велахь, хьуьлла Iохкуш
долчу тIулгашна тIедожаде, бепиг хила алий».
4 §‡Iийсас жоп делира: «Делан Йозанна тIехь ма ду:
„Адам деккъа цхьана баьпках дехаш дац. Цуьнан
вузар – Делан багара схьадаьлла хIора дош ду“».
5 ТIаккха иблисо, Iийса езачу Ярушалайм-гIала а
вигина, Делан цIийнан тхов буьххье
хьалаваьккхира. 6 §‡†«Хьо Делан КIант велахь, –
элира цо, – кхузара чукхоссало. Яздина ма ду:
„Везачу Эло Шен маликашка Хьох лаьцна омра
дийр ду“. Кхин а яздина ду: „Цара куьйгаш тIехь
дIахьур ву хьо, хьан ког тIулгах а ца
тасаболуьйтуш“».
7 §†Iийсас цунна жоп делира: «Амма яздина ду:
„Хьайн Веза Дела зе ма гIерта“».
8 ТIаккха иблисо валийра Iийса боккхачу лам тIе.
Цу буьххьера цо гайтира кху дуьненахь мел йолу
пачхьалкхаш а, церан исбаьхьа хилар а. 9 «И Хьуна

† *2:18 Ярми-ЯхIу 31:15.* †† *2:23 Марк 1:24; Лака 2:39; Яхьъя 1:45.* ‡ *3:2 Маттай 4:17; Марк 1:15.* ‡† *3:3 ЕшаI-ЯхIу 40:3 (Грекийн).* ‡‡ *3:4 Сулим 1:8.* ‡‡† *3:7 Маттай 12:34; 23:33.* ‡‡‡ *3:9 Яхьъя 8:33.*

§ *3:10 Маттай 7:19.* §† *3:17 Доладалар 22:2; Забур 2:7; ЕшаI-ЯхIу 42:1; Маттай 12:18; 17:5; Марк 1:11; Лака 9:35.* §†† *4:1 Iебархошка 2:18; 4:15.* §‡ *4:4 Карлабаьккхинарг 8:3.* §‡† *4:6 Забур 90:11, 12.* §† *4:7 Карлабаьккхинарг 6:16.*

гуш мел дерг аса Хьуна дIалур ду, Ахьа суна, Далла
санна, гора а хIоьттина, Iибадат дахь!»
10 †Іийсас элира: «ДIадала Суна уллора, иблис!
*Делан Йозанаш* тIехь яздина ду: „Хьайн Везачу
Далла бен ма де Iибадат, Цунна бен гIуллакх а ма
де!“»
11 Иблис Іийсана тIаьхьара дIадаьлча, Иза волчу
маликаш схьагулделира, Цунна гIуллакх а деш.

### Іийса Галилайхь хьехамаш бан волало

(Марк 1:14, 15; Лака 4:14, 15)

12 ††Яхьъя набахти чу воьллина аьлла Шена хезча,
Іийса Галилай-махка юхавирзира. 13 ‡Назарт-гIала а
йитина, Иза Къапарнам-гIалахь ваха хиира. И гIала
Галилай-Iомана йистехь Iохкуш долчу Забул-
мехкан а, Наптал-мехкан а латтанаш тIехь хилла.
14 Иштта кхочушхилира ЕшаI-ЯхIу-пайхамарехула
аьлларг:
15 ‡†«Забул-мехкан а, Наптал-мехкан а латтанаш а,
Галилай-хIорда тIекхачале, Йордан-хил дехьа йолу
кхечу къаьмнийн нехан Галилай!
16 Боданехь Іийначу халкъана йоккха серло гира!
Іожаллин ІиндагIехь болчу махкахь Іийначу
нахана серло къеггина дIахIоьттира!»
17 ‡‡Цу хенахь дуьйна схьа Іийса кхайкхам бан
волавелира: «Стигалийн Олалла генахь дац шуна!
Дохко а довлий, Далла тIедерза!» – бохуш.

### Іийсас веа стаге, Шен мурдаш хила олий, кхойкху

(Марк 1:16-20; Лака 5:1-11)

18 Цхьана дийнахь, Галилай-Іам йистехула
дIавоьдуш, Іийсана ши ваша гира: ШамIий, тIаьхьо
Кипа аьлла цIе тиллина волу, Іандаррий. Уьш
чIерийлецархой бара. Кхунна гиначу хенахь ши
ваша хи чу чIерий лоьцу бой тосуш воллура.
19 «Суна тIаьхьахIитта, – элира цаьрга Іийсас, –
ткъа Аса хIинца дуьйна адамийн синош лецархой
дийр ду шух».
20 Уьш, сихонца шайн бойнаш а йитина, Іийсана
тIаьхьахIиттира.
21 Уьш дIабоьлхуш, Зевадин ши кIант – Якъуб а,
цуьнан ваша Яхьъя а гира Іийсана. Ший а ваша
шайн деца Зевадица хинкеман чохь вара, чIерий
лоцу бойнаш тоеш. Іийсас уьш а кхайкхина
тIебалийра. 22 Уьш, шайн да а, хинкема а дитина,
Іийсана тIаьхьахIиттира.

### Іийсас дукха нахана хьехам бар а, дарбанаш дар а

(Лака 6:17-19)

23 ‡‡†Іийса берриг Галилай-махкахула волавелира.
Цо нехан гуламан цIеношкахь Іамадора, Стигалийн
Олаллех *хаза кхаъ* кхайкхабора, нах массо а
цамгарех тобора. 24 Цунах лаьцна хабар ерриг
Сири-пачхьалкхехула дIадаьржира. Іийса волчу
б�лабора тайп-тайпана цамгарш кхетта болу нах:
жинаша хьийзош берш а, лазар догIуш берш а,
шен дегIан дола ца далуш берш а. Царна массарна
а Цо дарба а дора. 25 Дукха адам дара Цунна тIаьхьа
лелаш Галилайра а, Иттшахьар-махкара а,
Ярушалаймера а, ЯхIуд-махкара а, Йордан-хил
дехьа Іаш долу адамаш а.

### Ламанан басе тIера кхайкхам бар

5 Цхьана дийнахь Іийсана уллохь дукха адам
гулделлера. Иза, ламанан басе хьалаваьлла,
охьахиира. Іийсана тIе гулбелира Цуьнан мурдаш.
2 ТIаккха Іийса царна хьехам бан волавелира:

### Декъалбинарш

(Лака 6:20-23)

3 «Декъалбина бу миска са долуш болу нах – уьш,
Стигалийн Олалла тIе а лаьцна, Далла уллохь бу.
4 ‡‡‡Декъалбина бу боьлхуш берш – церан дог
оьцур ду.
5 §Декъалбина бу эсала амал ерш – дерриг а дуьне
церан хир ду.
6 §†Декъалбина бу бакъоне кхача хьагбелларш –
Дала церан лаам кхочушбийр бу.
7 Декъалбина бу къинхетаме берш – царах а бийр
бу къинхетам.
8 §††Декъалбина бу цIена дог дерш – царна Дела
гур ву.
9 Декъалбина бу нахана юкъахь машаре гIуллакх
лелорш – царна, Делан бераш ду аьлла, цIе туьллур
ю.
10 §‡Декъалбина бу, бакъонна тIаьхьахIиттина
аьлла, таIзаре озийнарш – уьш, Стигалийн Олалла
тIе а лаьцна, Далла уллохь бу».

### Сийсаздарна дуьхьало яр

(Марк 9:50; Лака 14:34, 35)

11 §‡†«Декъалдина ду шу, наха сийсаза дохуш,
тIаьхьа а бевлла, харц хабарш а дуьйцуш, Со
бахьана долуш бехкедеш лелаш делахь.
12 §†Хазахетарца даккхийделаш! ХIунда аьлча
стигалшкахь йоккха ял хир ю шуна. Иштта
хьийзийна пайхамарш а, шул хьалха хилла болу».
13 §‡«Шу Лаьттан туьха ду. Нагахь санна туьхан чам
дIабаьлча, иза муха дурдийр ду? Иза, нахе когашца
хьеша а хьешийтина, дIакхоссан бен, цхьанна а
хIуманна пайденна дац.
14 §§†Шу дуьненан серло ю. Ламанан буьххьехь
лаьтташ йолу гIала къайлаяккха йиш яц. 15 §§‡Иштта
латийна йолчу стогарна тIехула кхаба ца хIоттайо –
иза лаккхахь дIахIоттабо, цуьнга чохь мел
волчунна а серло ялийта. 16 §§§Нахана шуьгара
серло гойла, шун дика гIуллакхаш гайтархьама а,
адамашка Далла хастам байтархьама а».

† *4:10 Карлабаьккхинарг 6:13.* †† *4:12 Маттай 14:3; Марк 6:17; Лака 3:19, 20.* ‡ *4:13 Яхьъя 2:12.* ‡† *4:15, 16 ЕшаI-ЯхIу 9:1, 2.* ‡‡ *4:17 Маттай 3:2.* ‡‡† *4:23 Маттай 9:35; Марк 1:39.*

‡‡‡ *5:4 ЕшаI-ЯхIу 61:2.* § *5:5 Забур 36:11.* §† *5:6 ЕшаI-ЯхIу 55:1, 2.* §†† *5:8 Забур 23:3, 4.* §‡ *5:10 1 Кипин 3:14.* §‡† *5:11 1 Кипин 4:14.* §† *5:12 2 Шерашкахь 36:16; Векалийн 7:52.* §‡ *5:13 Марк 9:50; Лака 14:34, 35.* §§† *5:14 Яхьъя 8:12; 9:5.* §§‡ *5:15 Марк 4:21; Лака 8:16; 11:33.* §§§ *5:16 1 Кипин 2:12.*

### Товрат-хьехамах лаьцна

[17] «Ма мотталаш, Со товрат тIера хьехамаш я
пайхамарша яздинарш дIадаха веана. Со и
хьехамаш дIабаха веана вац, ткъа уьш кхочушбан
веана ву. [18] †Аса чIагIо йо шуна: стигаллий, латтий
дозуш а долуш, товрат-хьехамашна юккъера цхьа
элп я цхьа сиз а дIадоккхур дац, цу тIехь аьлларг
кхочушхиллалц. [19] Товрат-хьехам тIера кIеззиг долу
хIума а талха а дина, нахе а изза де бохуш верг
Стигалийн Олаллехь лаххара мах болуш хир ву.
Ткъа шена тIедиллина долу парз кхочуш а деш, иза
нахе дIа а кховдош хилча, иза лакхара лорур ву.
[20] Аса боху шуьга: нагахь санна шун *Делан лаамехь
хилар* парушхойн а, Iелам нехан а чул лакхара ца
хилахь, Стигалийн Олалла тIелаца а, Далла уллохь
хила а шун йиш хир яц».

### ОьгIазлонах лаьцна

[21] ††«Шуна ма-хаъара, вайн дайшка аьлла хилла:
„Адам ма де. ХIора стаг вийна волу зуламхо
кхелахочо жоьпе озор ву“. [22] Ткъа Аса боху шуьга:
шена уллорачунна оьгIазвахана волу хIора стаг
кхелахочо жоьпе озор ву. Стага шен вешина а
„Iовдал!“ аьллехь, цунна коьртачу кхеташоно
таIзар дийр ду. Шена уллохь волчуьнга: „Яьсса
хIума!“ – аьлла, вистхилларг, жоьжахатин цIера
хьалха а хIоттийна, жоьпе озор ву. [23] Цундела хьуо
Далла сагIа даккха воьдучу хенахь цхьаъ хьайна
реза воцуш хилар хьайна дага дагIахь, [24] и совгIат
сагIа доккхучу кхерчана йисте охьа а диллий, цу
стагаца куьйге ваха хьажа. Цигара юхавирзинчул
тIаьхьа дийр ду ахьа Далла гIуллакх.
[25] Хьо кхелахочуьнга дIавала кечвеллачуьнца,
шаьш цига дIакхачале, катоххий барт бан хьажа,
куьйге а гIо. Ахьа иза ца дахь, хьан довхочо хьо
кхелахочуьнга дIалур ву, ткъа цо гIаролхочуьнга а
велла, набахти чу кхуссуьйтур ву. [26] Билггала боху
хьоьга: цигара хьо аравер вац, тIаьххьарчу шайнна
тIекхаччалц, дерриг а хьайн декхар дIаделла а
бен».

### Майра зудчунна тешаме хиларх лаьцна

[27] ‡«Шуна хезний: „Нахаца ма лела“, – аьлла
хилар? [28] Ткъа Аса боху шуьга: нехан зудчуьнга
ямарта ойланца дIахьаьжначо шен даг чохь зуда-
майрачун юкъаметтиган тешаме хилар
дIадаьккхина. [29] ‡†Нагахь санна хьан аьтту бIаьрг
къинош летош белахь, иза схьа а баккхий,
дIакхосса. Хьайн дегIан цхьана меженах в�лар
гIоле ду хьуна, жоьжахатин цIергахь вагавойтучул.
[30] ‡‡Хьайн аьтту куьг къилахь долчунна тIегIерташ
делахь, и куьг дIа а даккхий, дIакхосса. Хьайн
дегIан цхьана меженах в�лар гIоле ду хьуна,
жоьжахатин цIергахь вагавойтучул».

### ДIасакъастарх лаьцна

[31] ‡‡†«Аьлла ду: „Шен зудчуьнца дIасакъаьсташ
волчо цунна йозанца тоьшалла дала деза“.
[32] ‡‡‡Ткъа Аса боху шуьга: зуда тешаме ца хиларца
доьзна доцучу дIасакъастаро, зуда нийса боцучу
некъа тIе тоьтту. И санна йолу зуда ялочо ямартло
йо».

### Дуй баарх лаьцна

[33] §«Вайн дайшкара дуьйна аьлла ду: „Айхьа
Везачу Элана биина болу дуй ма къарбе, иза
кхочушбан хьажа“. [34] §†Ткъа Аса боху шуьга: цкъа а
дуй ма баа. Стигалех а ма е чIагIо – иза стигалийн
Паччахьан *шахьар* ю. [35] §††Лаьттах а ма е чIагIо –
Латта а Делан Олаллехь ду. Ярушалаймах лаьцна а
ма баа дуй – иза веза воккхачу Паччахьан гIала ю.
[36] Шайн коьртах лаций а ма е чIагIо, хIунда аьлча
коьртара цхьа чо я кIайбан а, я Iаржбан а шун
ницкъ кхочур бац. [37] Шаьш, „хIаъ“ аьлла, чIагIо яхь,
иза „хIаъ“ хилийта. „ХIан-хIа“ шайн ала дезахь, цу
тIехь латта. Цу шина дашал сов даьлларг – иблисан
лаам бу шуна».

### Бекхам барх лаьцна

[38] §‡«Шуна хезна ду хьалха аьлла хилларг: „Хьайн
бIаьрг баккхахь, – цунна дуьхьал бIаьрг баккха,
цергана дуьхьал церг яккха“. [39] Аса-м шуьга боху:
хьайна зулам динчунна дуьхьал ма вала. Хьайна
аьтту бесни тIе тIара тоьхнехь, аьрру агIор йолу
бесни а зуламхочунна тIеерзае. [40] Кхелехь хьуна
тIера коч а къевсина, хьайца девне ваьллачунна,
мел еза елахь а, важа бедар а дIало. [41] Хьайна
ницкъ а беш, хьайга эзар гIулч яккхийта гIортахь,
ши эзар гIулч а йоккхуш, дIагIо. [42] Хьайга хIума
йиэха веанчун дехар кхочуш а де, хьайга юхалург
еха веанчунна букъ а ма берзабе».

### МостагIчуьнга болчу безамах лаьцна

[43] «Шуна хезна хьалха аьлла хилларг: „Хьайн
уллораниг веза, мостагIчуьнца гома а хила“. [44] Ткъа
Аса боху шуьга: шайн мостагIий беза, хьайна зулам
деш берш Деле беха – [45] шайн стигалахь волчу Ден
бераш шу хилийта. Цо цхьа а ца къаставо шуна: Цо
малх массарна а къоьгуьйту – дикачунна а,
вочунна а. ДогIа а Цо цхьатерра доуьйту Шен
лаамехь болчарна а, боцучарна а. [46] Шуна шайца
дика берш бен безаш ца хилча, цунах хIун пайда
хир бу? Иза санна йолу юкъаметтиг-м ял

† 5:18 Лака 16:17. †† 5:21 Арадаккхар 20:13; Карлабаьккхинарг 5:17. ‡ 5:27 Арадаккхар 20:14; Карлабаьккхинарг 5:18. ‡† 5:29 Маттай 18:9; Марк 9:47. ‡‡ 5:30 Маттай 18:8; Марк 9:43.

‡‡† 5:31 Карлабаьккхинарг 24:1-4; Маттай 19:7; Марк 10:4. ‡‡‡ 5:32 Маттай 19:9; Марк 10:11, 12; Лака 16:18; 1 Коринтхошка 7:10, 11. § 5:33 Iамалъяр 19:12; Лелар 30:3; Карлабаьккхинарг 23:21. §† 5:34 Якъуба 5:12; ЕшаI-ЯхIу 66:1; Маттай 23:22. §†† 5:35 ЕшаI-ЯхIу 66:1; Забур 47:3. §‡ 5:38 Арадаккхар 21:24; Iамалъяр 24:20; Карлабаьккхинарг 19:21.

йоккхучара а лелайо шуна. [47] Шайн вежаршка бен
аша салам луш ца хилча, цунах тамаш бан меттиг
яц шуна. И санна йолу юкъаметтиг дин доцучу наха
а лелайо шуна. [48] †Цундела, шайн стигалахь волу Да
санна, дуьззина цIена хила».

### СагIанах лаьцна

6 ††«Варелаш, шаьш Далла деш долу гIуллакх
нахана гайта гIерташ ма лелалаш. Иза аша
шайгара далийтахь, шун стигалахь волчу Дегара ял
хир яц шуна. [2] Айхьа сагIа лучу хенахь, иза нахе
кхайкхо ма гIерта, шалхалла йолчу наха санна,
гуламан цIенош чоххьий, ураман некъашкахь
шаьш нахе хастадайтархьама. Аса тоьшалла до
шуна: царна йогIуш йолу ял иштта а дIакхаьчна
шуна. [3] Айхьа мискачунна сагIина хIума лучу
хенахь хьайн аьрру куьйге а ма хаийта аьтту
куьйго лелош дерг, [4] айхьа лун сагIа къайлаха
хилийта. Шадерг а гуш волчу хьан Дас хьуна йогIу
ял дIалур ю».

### ДоIанах лаьцна

(Лака 11:2-4)

[5] ‡«Шаьш доIа дечу хенахь шайца шалхалла йолчу
нахах дIа ма тарло, гуламан цIенош чохь а, ураман
некъашкахь а нахана шаьш гайтархьама доIанаш
дан дIахIуьттуш болчу. Аса тоьшалла до шуна:
царна шайна йогIуш йолу ял дIакхаьчна. [6] Ткъа
ахьа хьайн доIа дечу хенахь, хьайн цIа чу а валий,
чIоггIа неI тIе а таттий, къайлаха волчу хьайн Дега
доIа де. Къайлаха мел дерг гуш волчу хьан Дас
боггIу мах хадор бу хьан. [7] Ткъа айхьа доIа дечу
хенахь, кхечу къаьмнех болчу наха санна, ца
оьшуш мел дерг ма дийца. Царна моьтту, шаьш
къамел дукха мел до а, иза дикахо дIахезар ду
Далла. [8] Царах дIа ма тарло, хIунда аьлча шун Дена
аш Шега дехар а дале хаьа, шуна хIун оьшу.
[9] Цундела шаьш доIа дечу хенахь хIокху дешнашна
тIе тидам бахийта:
Тхан стигалара Да!
Хьан цIе сийлахь хуьлда!
[10] Хьан Олалла тIекхочийла.
Стигалшкахь санна, лаьттахь а Хьан лаам
кхочушхуьлийла.
[11] Тахана даъал напха лохьа тхуна!
[12] Дехьа тхуна геч,
тхайна декхарийлахь болчарна оха ма-гечдарра.
[13] Хьарам лаамна кIел а ма дахийтахьара Ахьа тхо,
иблисах а лардахьара ‡†.
[14] ‡‡Наха шуна йинчу хьарамаллина аша гечдахь,
стигалахь волчу шун Дас шуна а дийр ду геч.
[15] Амма шу шайна вас йинчарна даггара къинтIера
ца довлахь, шун Да шуна а вер вац аша летийначу
къиношна къинтIера».

### Марха кхабарх лаьцна

[16] «Шаьш *марха* кхобучу деношкахь, шалхалла
йолу нах санна, олла а делла, дастам девлла ма
лела, хIунда аьлча уьш шаьш марха кхобийла
нахана дIагайта гIерташ лела. Аса ма-аллара, царна
йогIуш йолу ял дIакхаьчна шуна. [17] Айхьа марха
кхобучу хенахь хьайн юьхь а йилий, хила ма-
веззара лела, [18] нахана хьуо марха кхобуш вуйла а
ца гойтуш. Хьан Дена иза хууш ду хьуна, Иза хьуна
гуш вацахь а. Шадерг а гуш волчу хьан Дас хьуна
йогIу ял дIалур ю».

### Шун стигалахь хир долу хьал

(Лака 12:33-36)

[19] ‡‡†«Дуьненан хьал ма гулде. Иза, нецано а
талхош, мекхано хIаллак а деш, лаьттар ду, я
къуша, чу а бевлла, лачкъийна дIахьур ду.
[20] Стигалахь гулде шайна хьал. Цигахь иза нецано
талхор а дац, мекхано хIаллак а дийр дац, я къуша,
чу а бевлла, дIа а хьур дац. [21] Хьан хьал долчохь
хьан дог а хир ду.
[22] Стеган бIаьрг цуьнан дегIан серлонан хьоста ду.
Цундела хьан ши бIаьрг цIена белахь, хьан
дерриге а дегI серлонах дуьзна хир ду. [23] Амма хьан
бIаьргаш цIена бацахь, хьан дерриг дегI а бодане
ду! Цу боданал бен хьох серло яцахь, ма инзаре
боккха хила беза-кх и бода!
[24] Цхьана стеган шина элан ялхо хила йиш яц.
Цунна цхьа хIусамда везар ву, важа везар вац, я
цхьанна хьесталур ву, ткъа вукхунах вешар вац.
Цундела цхьаьний – Далла а, хьолана а ялхой
хилалур дац шу».

### Хьайн хьашташна са ма гатде

(Лака 16:13; 12:22-31)

[25] «Цундела Аса боху шуьга: дахаран дуьхьа
юучунна, молучунна са ма гатде. Шайн дегIан
дуьхьа духарна а са ма гатде. Шун дахар юучул
дезах ду шуна, ткъа дегI духарал дезах ду.
[26] Хьовсал стигаларчу олхазаршка! Цара хIумма дIа
а ца йоь, хьакха а ца хьокху, ялташ чу а ца дерзадо.
Амма стигалахь волчу шун Дас уьш кхобу. Шун
дахар олхазарийнчул а дораха ду теша? [27] Я шуьга
цу тайпана сагатдарца шайн дахар цхьана сахьтана
дахдалийталур ду теша?
[28] Бедар бахьана долуш са хIунда гатдо аша?
Хьажал аренгахь тIедолуш долчу петIамат-
зезагашка. Цара цхьа а тайпана къа а ца хьоьгу я
шайна бедарш а ца тоьгу. [29] ‡‡‡Амма Ас боху шуьга,
ур-атталла шен хьолан возаллехь Сулим-паччахь а
ца кечлора цу зезагех муьлхха а санна. [30] Иштта
эрна арахь тIедолуш долу зезагаш а Дала цу

---

*† 5:48 Iамалъяр 19:2; Карлабаькккхинарг 18:13. †† 6:1 Маттай 23:5. ‡ 6:5 Лака 18:10-14. ‡† Цхьадолчу керла дIаяздинчу тептаршкахь тIетоьхна ду: *ХIунда аьлча массо ханна а Хьан ю Пачхьалкх а, нуьцкъалалла а, сийлалла а. Амин.* ‡‡ 6:14, 15 Марк 11:25, 26.*

*‡‡† 6:19 Якъуба 5:2, 3. ‡‡‡ 6:29 Сулим 10:4-7; 2 Шерашкахь 9:3-6.*

тайпана кечдеш хилча, кхана уьш цIергахь догур
доллушехь, шу кхин а чIогIа кечдийр ма ду, Делах
кIезиг тешаш дерш.
31 Цундела кест-кестта: „Оха хIун юур ю теша?“, я:
„ХIун мер ю теша?“, я: „ХIун тIеюхур ю теша?“ –
бохуш, шайн са ма гатде. 32 Цу тайпана сагатдо
кхечу къаьмнех болчу наха. Ткъа шун стигалахь
шайн Да ву, шуна мел оьшург хаа а хууш. 33 Уггар
хьалха *Делан Олалла* а, Цуьнан лаам а лаха. Важа
дерриг а Дала шуна лур ду. 34 Кханенна сагатдеш
ойла ма е – цуьнан шен Да ву. ХIора де а шен
гIайгIа яхьаш догIу».

## Емалдар
(Лака 6:37, 38, 41, 42)

7 «Цхьанна а кхел ма е, Дала шуна а кхел йийр
яц. 2 †Аша нахана кхел ярх терра, шуна а кхел
йийр ю. Аша нехан ма-хаддора, Дала шун а хадор
бу мах. 3 Хьайна уллохь волчун бIаьргара чамхалге
хIунда хьоьжу хьо, хьайн бIаьргара хен а ца гуш?
4 Хьоьга муха алалур ду хьайн веше: „Схьахьажал,
аса бIаьргара чамхалг дIайоккху хьуна“, хьайн
бIаьргахь хен боллушехь? 5 Шалхонча, цкъа хьайн
бIаьргара хен дIабаккха, тIаккха са гур ду хьуна,
хьайн вешин бIаьргара чамхалг схьаяккха.
6 Далла гергахь еза йолу хIума жIаьлеш дIа ма
луо, уьш, юха а дирзина, шух летар ду. ЖовхIарш
хьакхарчашна хьалха а ма кхисса, цаьрга уьш ца
хьешийта».

## Диэха, лаха, неI етта

7 «Деле диэха – Цо дехнарг лур ду шуна. Дела лаха
– Иза карор ву шуна, неI тоха, иза дIайоьллур ю
шуна, 8 хIунда аьлча хIора доьхучунна жоп ло Дала,
лохуш волчунна карадойту, неI тухучунна –
схьайоьллуьйту.
9 Шуна юкъахь вуй теша стаг, шега шен кIанта
бепиг дехча, цуьнга тIулг кховдон верг? 10 Я чIара
бехча, цуьнга лаьхьа кховдон верг? 11 Шаьш мел
къиза делахь а, шайн берашна оьшург аша луш
хилча, стигалахь волчу шун Дас мел дукха дика
болх бийр бу Шега доьхуш волчунна! 12 ††Цундела
нахаца йолу юкъаметтиг уьш шайца схьа хила ма-
лаъара лелае. Иза товрат тIера бинчу хьехамашна
а, пайхамаршна яздинчунна а тIера схьадогIуш
ду».

## Дахарехь готта некъ лаха
(Лака 13:24)

13 «Далла уллорачу дахаре боьду некъ готта бу
шуна. Цундела готта ков а, некъ а лаха. Шуьйра ков
а долуш, шуьйра некъ – иза стаг хIаллакьхуьлу
некъ бу. Дукха нах дIабоьлху цу новкъахула.
14 Дахарна тIевоьдучохь долу ков готта ду, цу тIе
боьдуш болу некъ хала бу. КIеззигчарна бен иза
кара а ца бо.

† *7:2 Марк 4:24.* †† *7:12 Лака 6:31.*

15 УьстагIийн аматехь шайна дуьхьал хIуьттуш
болчу харц-пайхамарех ларлолаш. Кийрахь
луьрачу берзан дог ду шуна церан. 16 Уьш шайн
стоьмаца бевзар бу шуна. Гулйой аша коканийн
кулла тIера кемсаш, я вирбаI тIера комарш?
17 Дикачу дитто дика стом ло, ткъа вуочу дитта
тIехь вон стом кхуьу. 18 Дикачу дитта тIехь вон стом
кхиа а йиш яц, амма вуочу дитта тIехь дика стом а
ца хуьлу. 19 ‡ХIора вон дитт, цу тIехь дика стом
кхуьуш бацахь, схьа а хададой, цIера юккъехь
дагадо. 20 ‡‡Иштта, харцпайхамарш церан
гIуллакхаша бовзуьйту.
21 ХIора Соьга: „Ва сан Веза Эла“ бохуш волчо
Стигалийн Олалла тIелоцур дац. Цига кхочун верг
стигалахь волчу Сан Ден лаам кхочуш а беш, Цунна
муьтIахь хила веза. 22 Дуккха а болчара эр ду Соьга
цу дийнахь: „Ва Веза Эла! Хьан цIарах ца бора оха
Делера болу хаам? Хьан цIарах дIа ца лелхадора
оха жинаш? Хьан цIарах ца бора оха дуккха а
тамашийна белхаш?“ 23 ‡‡Ткъа Аса цаьрга эр ду:
„Генадовлал Суна уллора, харц белхаш лелош
дерш! Суна шу цкъа а девзаш ца хилла!“»

## МуьтIахь хиларе кхайкхар
(Лака 6:47-49)

24 «Цундела Соьга ла а дугIуш, Аса аьлларг деш
верг шен *шахьар* буточу тархана тIехь юттучу
стагах тера ву. 25 ДогIа а тIедоьттина, хиш а дистина
деана, чIогIа мох а хьаькхна, амма цуо дина долчу
цIенна хIумма а ца хилла, хIунда аьлча цу цIийнан
бух буточу тархана тIехь боьттина бу. 26 ХIинца Аса
бохучуьнга ладугIуш воцург шен цIийнан бух
гIамаршна тIехь боьттинчух тера ву. 27 ДогIа а
деача, хиш дистина а деача, мох а хьаькхча,
цуьнан цIа тIе а кхетта, доьхна дIадаьлла, схьаэца
хIума а доцуш».
28 ‡‡†Iийса и дешнаш аьлла ваьлча, адамаш
Цуьнан хьекъалх чIогIа цецдевллера, 29 хIунда
аьлча церан Iеламчу наха санна а доцуш, олалла
долчо санна хьоьхура Цо.

## Iийсас дIа ца йоьрзу чкъуран цамгар йолу стаг туовар
(Марк 1:40-45; Лака 5:12-16)

8 Iийса ламанан басера охьавоьссича, Цунна
тIаьхьа дукха адам хIоьттира. 2 Цунна тIе веара
чкъураца ца йоьрзу цамгар йолу цхьа стаг. Iийсана
хьалха гора а хIоьттина, цо дийхира: «Эла! Хьайна
лиъча, со товийр вара-кх Ахьа».
3 Куьг дIа а кховдийна, цунах дIа а Iоьттина,
Iийсас элира: «Суна лаьа хьо товала! ЦIанло!» Цу
сохьта и стаг цамгарх товелира.
4 ‡‡‡«ХIокху хIуманах лаьцна цхьаьнгге ма
дийцалахь. Ваха а гIой, хьо динан дега а гайтий,
тIаккха Далла лерина сагIина хIума ло, Муса-

‡ *7:19 Маттай 3:10; Лака 3:9.* ‡† *7:20 Маттай 12:33.* ‡‡ *7:23 Забур 6:9.* ‡‡† *7:28, 29 Марк 1:22; Лака 4:32.* ‡‡‡ *8:4 Iамалъяр 14:1-32.*

пайхамаро вайна тIе-ма-диллара. Хьо товаларан
тоьшаллина хир ду иза нахана хьалха».

### Римхойн тIемалойн хьаькаман ялхо туовар
(Лака 7:1-10)

5 Іийса Къапарнаме кхаьчча, Цунна тIевеара
римхойн тIемалойн хьаькам. Цо гIо дийхира
Іийсага: 6 «Эла! ЦIахь, энаша дIа а лаьцна, чIогIа
могуш воцуш Іуьллуш ялхо ву-кх сан».
7 Ткъа Іийсас элира: «ДIа а веана, Аса товийр ву
иза».
8 ТIемалойн хьаькамо элира Цуьнга: «Эла! Со
хьакъ вац Хьо сан тхов кIел ван. Ахьа омра дича,
сан ялхо толур вара. 9 Иза суна дика хаьа, хIунда
аьлча суна тIехь лаьтташ а ву хьаькам. Сан сайн
карахь а бу тIемалой. Аса „Валол!“ аьлча, царах
муьлхха а ваха веззачу дIавоьду. Вукхуьнга
„Схьавоьл кхуза!“ аьлча, иза схьавогIу. Сайн
ялхочуьнга „Иза де!“ олу, цо и гIуллакх до».
10 Іийсана и къамел хезча, Цо цецваларца Шена
тIаьхьахIоьттинчаьрга элира: «Ас билггал боху
шуьга, цу тайпана Делах тешар Суна исраилхошна
юкъахь а ца карийна. 11 †Кхин цхьаъ эр ду Аса
шуьга: дукхахболчара малхбалерий, малхбузерий
схьа а баьхкина, цу тойнехь Стигалийн Олаллехь
ИбрахIимний, Исхьакхний, Якъубний уллохь
меттиг дIалоцур ю. 12 ††Ткъа Шаьш Делан Олалле
тIекхаьчна хеттарш-м Іаьржачу бодане арабаьхна
хир бу. Цигахь белхар а, цергаш хьекхор а хир ду».
13 Іийсас тIеман хьаькаме элира: «Вало, дIагIо, хьо
тешаш дерг кхочушхуьлийла».
Цо и оллушехь, хьаькаман ялхо товелира.

### Дукха адамашна дарба дар
(Марк 1:29-34; Лака 4:38-41)

14 Кипа волчу Іийса веача, Цунна гира, хIусамден
стуннана, чIогIа д�гар а долуш, цомгуш Іуьллуш.
15 Иза, куьг дIа а кховдийна, цуьнан куьйгах
дIаIоттавелира. Д�гар дIа а даьлла, хьала а
гIаьттина, царна хьошалла дан йолаелира
цомгушниг.
16 Суьйранна Іийсана тIебалийра жинаша
хьийзош болу нах. Іийсас Шен дашаца жинаш
дIалелхийра, кхиболу цомгуш берш туо а бира.
17 ‡Иштта кхочушхилира ЕшаI-ЯхIу-пайхамаро
аьлларг:
«Вайн эгIазаллаш тIе а лаьцна,
Цо вайн цамгарш дIаяьхьира».

### Іийсана тIаьхьахIотта ца лиънарш
(Лака 9:57-62)

18 Шена гонах адамийн тоба гича, Шен мурдашка
Іоман дехьарчу берда тIе довла элира Іийсас.
19 Цхьа *Іелам стаг*, Кхунна тIе а веана, вистхилира:
«Сан Устаз, со Хьуна тIаьхьа хIуттур ву, Хьо
миччахьа а водахь а».

† 8:11 Лака 13:29. †† 8:12 Маттай 22:13; 25:30; Лака 13:28.
‡ 8:17 ЕшаI-ЯхIу 53:4.

20 Іийсас цуьнга элира: «Цхьогалийн а,
олхазарийн а чохь Іан баннаш ду, ткъа Адамийн
КIентан корта дIатовжо меттиг а яц».
21 Ткъа вукху мурдо Кхуьнга элира: «Сан Эла!
Пурба лохьа суна, цкъа, цIа а вахана, сайн да
дIаволла».
22 Амма Іийсас цуьнга элира: «ТIаьхьахIотта Суна,
белларш беллачарна бита».

### Іийсас хи тIехь баьлла мох сацабо
(Марк 4:35-41; Лака 8:22-25)

23 Иза хинкеманна чу хиича, мурдаш Цунна
тIаьххье чухевшира. 24 ХIорд чIогIа ловзабелира,
яккхийчу тулгIенаша хIордкема дIасакхуьйсура.
Амма Іийса вижначуьра меттах ца волура.
25 ТIаккха, тIе а бахана, Кхуьнан мурдаша Иза
самаваьккхира. Цара элира: «Эла! КIелхьардахахьа
вай! Іожалла улло кхаьчна-кх вайна!»
26 Ткъа Цо элира: «Стенах кхоьру шу, Делах кIезиг
тешарш?» Хьала а гIаьттина, Цо мохе а,
тулгIенашка а омра дира. Цу сахьтехь, цхьа а гIар-
тата доцуш, тийналла дIахIоьттира.
27 Наха цецбовларца бохура: «Мила ву техьа Иза,
мох а, хиш а Цунна къарлуш хилча?»

### Іийсас Гадар-меттехь жинаша хьийзош волу ши стаг туовар
(Марк 5:1-20; Лака 8:26-39)

28 Іийса гадархой болчу кхаьчча, нах
дIабоьхкинчу хьеха чуьра аравелира жинаша
хьийзош волу ши стаг. Уьш чIогIа дера хилар
бахьана долуш, цу новкъахула цхьа а стаг лела
ваьхьаш вацара. 29 Цара мохь хьоьккхура: «ХIун
оьшу Хьуна тхоьгара, *Делан КIант*? Тхан хан
тIекхачале, тхо хьийзо веана Хьо кхуза?» – бохуш.
30 Генахь боццуш бежаш хьакхарчийн боккха
бажа бара. 31 Жинаша Іийсага дехар дора: «Цу
нехан кийрара Ахьа тхо лахкахь, хьакхарчийн
кийранашка тхо доссадахьара Ахьа», – бохуш.
32 Цо элира: «ДIагIо!» Нахана чуьра ара а девлла,
жинаш хьакхарчийн кийранашка дIахьаьвдира. Цу
сахьтехь хьакхарчийн бажа лекхачу берда тIера
Іам чу кхоссабелира, цу юкъахь мел йолу хьакха хи
буха а йоьдуш.
33 Ткъа хьакхарчийн Іуй цу меттера бевдира. ГIала
дIа а бахана, цара хьакхарчашна хилларг а,
жинаша хьийзош болчу нахана хилларг а массарна
дIадийцира. 34 Цу гIалахь мел долу адам Іийсага
хьажа араделира. Иза шайна гиначул тIаьхьа цара
Цуьнга дехар дира, цигара дIагIо аьлла.

### Іийсас дегIан дола ца далуш волу стаг туовар
(Марк 2:1-12; Лака 5:17-26)

9 Іийса, хинкеманна тIе а хиъна, Іам тIехула
дехьа а ваьлла, Шен гIала кхечира. 2 Цунна тIе
валийра шен дегIан дола ца далуш волу цхьа стаг.
Иза, хьалагIатта де доцуш, меттахь Іуьллуш вара.
Іийсас, уьш Делах тешаш хиларх Ша кхеттачул

тӀаьхьа, заьӀапхочуьнга элира: «Доьналла долуш
хила, сан кӀант, хьан къиношна гечдина».
3 Иза хезна болчу Ӏеламчу наха шайн дагахь
бохура: «Цу стага ма Ӏеса къамел до!»
4 Церан дагахь дерг Ӏийсана хаьара. Цундела Цо
цаьрга элира: «Вон ойланаш хӀунда ю шун даг
чохь? 5 Муьлха ду ала атта: „Хьан къиношна
гечдина“ я: „Хьала а гӀаттий, дӀагӀо“? 6 Амма Суна
лаьа шуна хаийта Адамийн КӀентан дуьнен тӀехь
къиношна гечдан олалла дуйла». Цомгуш
волчуьнга Ӏийсас элира: «ХьалагӀатта, хьайн мотт-
гӀайба схьа а эций, цӀа гӀуо».
7 Важа, хьала а гӀаьттина, цӀа вахара. 8 Адамийн
тоба, шена и хӀума гича, чӀогӀа кхера а елла, Далла
хастамаш бан йолаелира, Цо адамашна оццул
чӀогӀа бакъо яларна.

### Маттайга тӀекхайкхар

(Марк 2:13-17; Лака 5:27-32)

9 Ӏийса цигара дӀавоьдучу хенахь Цуьнан бӀаьрг
кхийтира Маттай цӀе йолчу стагах. Иза ял
схьагулъеш болчеран бун чохь Ӏаш вара. Ӏийсас
элира: «Суна тӀаьххье схьавола!»
Маттай, хьала а гӀаьттина, Цунна тӀаьхьа
дӀавахара.
10 †Ӏийса Шен мурдашца Маттайн хӀусамехь яа
хӀума юуш Ӏаш хилла. Царна тӀе а баьхкина, цаьрца
яа хӀума яа охьахиира ял схьагулъеш болу наххий,
адамашна юккъехь къинош летийна аьлла, цӀе
яхана болу наххий. 11 Шайна и сурт гича,
*парушхоша* Цуьнан мурдашка хьаьттира: «Шун
Устаз ял схьагулъеш болчаьрций, къинош
летийначаьрций хӀума юуш хӀунда Ӏа?»
12 Иза Шена хезча, Ӏийсас элира: «Могуш
болчарна лор оьшуш вац, цомгуш болчарний бен.
13 ††Даха а гӀой, хьажа Делан Йозанашкахь
яздинчуьнга: „Суна шун вовшашца къинхетамалла
хилар деза ду, аша Сан дуьхьа дохучу сагӀанел“.
Бакъахьара лелачаьрга кхайкхам бан ца веана Со,
къинош летийначаьрга бен».

### Марха кхабарх лаьцна

(Марк 2:18-22; Лака 5:33-39)

14 Яхьъян мурдаша, Ӏийсана тӀе а баьхкина,
хьаьттира: «Охий, парушхоший кест-кестта *марха*
кхобу, ткъа Хьан мурдаша цкъа а марха кхобуш ма
ца го?!»
15 Ткъа Ӏийсас элира: «Зуда ялош волчун
накъостий гӀайгӀане хуьлий, иза шайна юкъахь
мел ву? Амма тӀедогӀур ду зуда ялош верг кхарна
юккъера дӀавуьгун волу цхьа де. ТӀаккха хир бу уьш
гӀайгӀане, марха кхаба а болалур бу. 16 Цхьаммо а
ца латайо цӀеначу кӀадих тишачу бедарна йома,
хӀунда аьлча и йома гатъелла, оза а елла,
дӀахӀоьттича, бедар тӀера Ӏуьрг кхин а доккха хир
ду. 17 Керла чагӀар тишачу *пӀаьлдиг* чу а ца дутту.
ПӀаьлдиг бетӀар бу, чагӀар чуьра охьагӀур ду.
ПӀаьлдиг а хӀаллакьхир бу. Амма керла чагӀар
керлачу пӀаьлдиг чу дутту: пӀаьлдиг а, чагӀар а шен
меттехь хир ду».

### Гуламан цӀийнан куьйгалхочун йоӀ еллачуьра денъяр а, цомгуш йолу зуда туояр а

(Марк 5:21-43; Лака 8:40-56)

18 Цо и къамел дечу хенахь Ӏийсана тӀевеара
гуламан цӀийнан куьйгалхо. Цунна хьалха гора а
хӀоьттина, цо элира: «Сан йоӀ хӀинцца дӀаяьлла. Хьо
ван а веана, Ахьа цунна тӀе куьйгаш дехкича, иза
денлур яра». 19 Ӏийса, хьала а гӀаьттина, Шен
мурдашца цунна тӀаьхьа дӀавахара.
20 Цигахь, шийтта шарахь цӀий ца соцуш, цомгуш
йолу зуда яра. Ӏийсана тӀехьахула тӀе а еана,
Цуьнан бедарх кхозуш йолчу чечакхах
дӀахьакхаелира иза. 21 Массо а хенахь ша-шега цо
олура: «Цкъа мукъана а Цуьнан бедарх со
дӀахьакхаелча, со толур яра».
22 Ӏийсас, юха а вирзина, и зуда Шена гича, элира:
«Доьналла долуш хила, Сан йоӀ! Хьан тешаро
тойина хьо!» И зуда цу сохьта тоелира.
23 Ӏийса гуламан цӀийнан куьйгалхо волчу цӀа
веача, Цунна гира зурманчаш а, доьлхуш, доьхна
адам а. 24 Цо элира: «ДӀагӀо кхузара! ЙоӀ яла ца
елла, иза йижина Ӏуьллуш ю!» Амма нах Кхунах
боьлуш лаьтташ бара. 25 Уьш цӀа чуьра
аралаьхкича, Ӏийсас, йоӀ йолчу чу а вахана, цуьнан
куьг схьалецира. ЙоӀ Ӏуьллучуьра хьалагӀаьттира.
26 Цу тамашийначу хӀуманах лаьцна хабар массо а
метте дӀасадаьржира.

### БӀаьрзе ши стаг туовар

27 Ӏийса цигара дӀавоьдучу хенахь Цунна
тӀаьхьавогӀуш вара бӀаьрзе ши стаг. Цара, кест-
кеста мохь тухуш, олура: «Къинхетам бехьа тхох,
Даудан ‡ КӀант!»
28 Ӏийса цӀа чу ваьлча, бӀаьрзенаш Цунна гергга
тӀебаьхкира. Цо цаьрга элира: «Шу теший Аса шун
бӀаьрса юхадоуьйтург хиларх?»
Цара элира: «Теша, Веза Эла!»
29 Ӏийсас церан бӀаьргех куьг Ӏоьттира. Цо элира:
«Шу тешаш дерг хилийталахь!» 30 ТӀаккха церан
бӀаьрса схьадеара. Ӏийсас царна чӀоггӀа тӀедиллира:
«Цхьанна а стагана Сох лаьцна хаа йиш йолуш дац
шуна». 31 Амма шаьш дӀабаханчул тӀаьхьа, цара
Цунах лаьцна массо а маьӀӀе дӀасадаржийра.

### Мотт сецна волу стаг туовар

32 Шен мурдашца Иза дӀаваха кечвеллачу хенахь
Ӏийса волчу валийра мотт сецна волу стаг. Иза
жино хьийзош вара. 33 Ӏийсас жин дӀалаьллиначу
хенахь и стаг къамел дан волавелира. Наха

† *9:10, 11 Лака 15:1, 2.* †† *9:13 Маттай 12:7; ХӀушаӀ 6:6.*

‡ *Даудан КӀант *– жуьгтийн халкъана хууш дара Дала леррина Къобалвинарг Дауд-паччахьан тӀаьхьенах хир вуйла. Цундела цуьнан наггахь, Даудан КӀант олий, цӀе йоккхура.**

цецбовларца бохура: «И санна долу хIума
Исраилан махкахь цкъа а хилла дац».
34 †Ткъа парушхоша бохура: «Цо жинаш лохку
жинийн элан гIоьнца».

### Iийсас нахах къинхетам бо

35 ††Iийса массо а гIаланашкахула, ярташкахула
чекхволура. Цо нехан гуламан цIеношкахь
Iамадора, Стигалийн Олаллех *хаза кхаъ*
кхайкхабора, нах массо а цамгарех тобора.
36 ‡Адамийн тоба Шена гуш, Цунна нахах къахетара.
Уьш чIогIа гIайгIане а, дуьненах дог диллина, Iу
воцу бажа санна, лелаш бара. 37 ‡†Цо Шен мурдашка
олура: «Хьовсал, мел дукха адам кийча ду *Делан*
*Олалла* тIелаца. Уьш кхиъна доккха ялта санна бу,
амма и ялта чудерзо белхалой кIезиг бу. 38 Ялта
долчу Дега деха, иза чуэца кхин а белхалой
бахкийта алий».

### Шийтта векал харжар
(Марк 3:13-19; Лака 6:12-16)

10 Iийсас, Шен шийтта мурд схьа а кхайкхина,
царна бакъо елира харц жинаш дIалахка а,
нахана дарбанаш а деш, уьш массо а цамгарех
тобан а. 2 Цу шийтта мурдан цIераш яра:
дуьххьарлераниг – ШамIа, Кипа аьлла цIе тиллина
волу. Цуьнан ваша Iандар, Зевадин кIант Якъуб,
цуьнан ваша Яхьъя, 3 Пилап, Барталамай, ТIама, ял
схьагулъеш волу Маттай, ХIалпайн кIант Якъуб,
Тхьада, 4 ШамIа (ша тIелаьцнарг тIевирззина
кхочушдан гIертарг), ЯхIуд-Искархо а, тIаьхьо
Iийсана ямартло йина волу.

### Iийсас шийтта мурд дIахьажор
(Марк 6:7-13; Лака 9:1-6)

5 Iийсас, Шен шийтта мурд дIахьажош, царна
тIедиллира: «Шамранан махкахь йолчу гIаланашна
чу ма гIолаш, я кхечу къаьмнийн нахана тIе а ма
гIолаш. 6 Исраилан махкара хIаллакьхила хьаьхна,
тиладеллачу уьстагIашна тIе гIо, 7 кхайкхам беш:
„Стигалийн Олалла генахь дац“. 8 Цомгуш берш
тобе, белларш денбе, чкъураца ца йоьрзу чевнаш
ерш лазарх цIанбе, харц жинаш дIалелхаде.
Маьхза карадеанарг мах боцуш дIало. 9 Шайца я
ахча а, я деши а, я дети а, я цIаста а схьа ма эца.
10 ‡‡Шаьш новкъа довлуш, некъан тIоьрмаг а схьа
ма эца, шайна тIехь йолу бедаршший, мачашший
бен. Iаса а ма эца шайца схьа. Къахьоьгуш долу шу
хьакъ ма ду нахера юург-мерг схьаэца. 11 Шаьш
муьлхачу гIала я юьрта кхаьчча, хьажа, шаьш
тIелаца хьакъ дерг мила ву. Иза волчохь Iе, шаьш
дIадаха хан тIекхаччалц. 12 Шаьш хьошалгIа
доьлхуш, шаьш тIеоьцуш волчу хIусамдега
маршалла хатта. 13 Аша дIаделла долу маршалла
тIеэца хьакъ долуш и хIусам елахь, машар а, барт а
хуьлийла цу хIусамехь. Иза хила хьакъ долуш и
хIусам яцахь, шун лаам шуна юхабоьрзийла.
14 ‡‡†Шаьш тIе а ца оьцуш, аша бохучуьнга ла а ца
дугIуш йолчу хIусамера я гIалара дIагIо, шайн
когаш тIера чан охьа а егош. 15 ‡‡‡ §Бакъдерг боху
Аса шуьга: къематан дийнахь цу гIалара хьал
Седамеххьий, Iамор-гIалаххьий чул инзаре хир ду».

### ТIедогIуш долчу эккхийна лелорх лаьцна
(Марк 13:9-13; Лака 21:12-17)

16 §†«Аса дохуьйту шу, берзалойн арданг юккъе
уьстагIий ма-дахийттара. Цундела, текхарг санна,
хьекъале хилалаш, кхокха санна, дагахь хIума
доцуш а хилалаш. 17 §††Нахах ларлолаш, цара кхеле
дIалур ду шу, шайн гуламан цIенош чохь етта а
йоьттуьйтур ю шуна. 18 Со бахьана долуш
паччахьашний, элашний тIе а дуьгур ду шу.
Царний, кхечу къаьмнех болчарний хьалха
тоьшалла дан а дезар ду шун, шу Сан мурдаш болу
дела. 19 Шаьш дIалаьцначул тIаьхьа, хIун эр ду
техьа оха бохуш, гIайгIане а ма хила, хIунда аьлча
шуна дIаделлалур ду, хIун ала деза. 20 Дагахь
латтаделаш шайна иза, хIунда аьлча и къамел деш
дерш шу хир дац, иза шун стигаларчу Ден Са хир ду
шуьгахула цаьрца къамел деш. 21 §‡Вашас, вешина
ямарта а хилла, иза вейта дIалур ву. Ткъа дас
берашна а изза дийр ду. ТIаккха бераша, шайн
дайшна-наношна дуьхьал а гIевттина, уьш бойур а
бу. 22 §‡†Сан цIе бахьана долуш цхьанна а дезар дац
шу, амма и дерриге а чекхдаллалц лайнарг
кIелхьарвоккхур ву. 23 Цхьана гIалахь шаьш къиза
хьовзадахь, довдий, кхечу гIала дIагIо. Аса баккъал
боху шуьга: Исраилан махкахь мел йолу
гIаланашка шу кхаьчна довлале, *Адамийн КIант*
вуссур ву».

### Хьанах кхера веза

24 §†«Мурд устазал лахара а вац, ткъа ялхо шен
олахочул лакхара а вац. 25 §‡Мурд воккхавеш хила
веза, ша шен устазах дIатарлахь, ткъа ялхо а хила
веза реза, ша шен элах дIатарлахь. Нагахь санна
хIусаман дена БаIал-Зебула цIе тиллахь, цуьнан
доьзалан муххале а и цIе йоккхур ю.
26 §§†Цундела царах ма кхера, хIунда аьлча мел
къайлаха дерг а гучудер ду, мел хьулдинарг а
хоуьйтуш хир ду. 27 Аса шайга боданашкахь аьлларг
а къеггинчу серлонгахь юхадийца. Лерга юххехь
лохха Аса шайга аьлларг, цIийнан тхов тIе а
довлий, мохь туххуш дийца. 28 Ма кхера шайн дегI
ден йиш хиларх, шун са церан карахь дац. Ткъа

† *9:34 Маттай 10:25; 12:24; Марк 3:22; Лака 11:15.* †† *9:35 Маттай 4:23; Марк 1:39; Лака 4:44.* ‡ *9:36 Лелар 27:17; Шамъал 22:17; 2 Шерашкахь 18:16; Яхьазкхиал 34:5; Марк 6:34.* ‡† *9:37, 38 Лака 10:2.* ‡‡ *10:10 1 Коринтхошка 9:14; 1 Тимапига 5:18.*

‡‡† *10:14 Векалийн 13:51.* ‡‡‡ *10:15 Маттай 11:24; Доладалар 19:24-28.* § *10:7-15 Лака 10:4-12.* §† *10:16 Лака 10:3.* §†† *10:17-20 Марк 13:9-11; Лака 12:11, 12; 21:12-15.* §‡ *10:21 Марк 13:12; Лака 21:16.* §‡† *10:22 Маттай 24:9; Марк 13:13; Лака 21:17; Маттай 24:13.* §† *10:24 Лака 6:40; Яхьъя 13:16; 15:20.* §‡ *10:25 Маттай 9:34; 12:24; Марк 3:22; Лака 11:15.* §§† *10:26 Марк 4:22; Лака 8:17.*

кхералаш шайн дегI а, са а жоьжахатехь хIаллакдан
йиш Йолчунах. 29 Шина хьозанах цхьа шай бен
доккхур дуй те? Амма царах цхьа а лаьтта
охьадужур дац шун Ден пурбанца бен. 30 Шун
коьртара массо чо а багарбина бу шуна! 31 Цундела
ма кхералаш: дуккха а хьозанел деза ду шу!
32 Нахана хьалха Со къобалвеш верг Аса Сайн
стигаларчу Дена хьалха къобалвийр ву. 33 †Амма Со
нахана хьалха дIатеснарг Аса а дIатосур ву Сайн
стигаларчу Дена хьалха».

### Безам хьаьнга хила беза

(Лака 12:51-53; 14:26, 27)

34 «Ма мотталаш Со машар бахьаш веана дуьнен
чу. Со машар бахьаш ца веана, тур дахьаш веана.
35 ††Со веана

„кIант дена дуьхьал ваккха,
йоI – нанна дуьхьал,
нус – марнанна дуьхьал яккха.
36 Шен цIа чохь берш хир бу стагана мостагIий“.

37 Шен дай-наний Сол дукха дезаш верг Суна улло
вала хьакъ долуш вац. Шен йоI я кIант Сол дукхах
дезаш верг а вац Соьца хила хьакъ долуш. 38 ‡Шен
баланийн мохь ‡† схьа а эцна, Суна тIаьхьа ца
хIоьттинарг Суна уллохь хила хьакъ долуш вац.
39 ‡‡Шен са Iалашдан гIоьртинарг синах вер ву,
амма Сан дуьхьа са дIаделлачунна иза карор ду.
40 ‡‡†Шу тIеоьцуш волчо Со а тIеоьцу, ткъа Со
тIеоьцучо Со Ваийтинарг а тIеоьцу. 41 Пайхамар
пайхамаран дуьхьа тIеоьцучунна, пайхамарна
санна, ял хир ю, ткъа Делан лаамехь верг Цуьнан
дуьхьа тIеоьцучунна, Делан лаамехь волчунна
санна, ял хир ю. 42 Царах лахара волчунна а гIо
диначунна, иза Сан мурд вуйла а хууш, Аса
баккъалла а боху шуьга, цунна шен ял хир ма ю, цо
цунна кеда чохь шийла хи бен ца деллехь а».

### Яхьъяс бохкуьйту нах

(Лака 7:18-35)

11 Iийса Шен шийтта мурдана хьехамаш бина
ваьлча, Иза цигара дIа а вахана, Галилай-
махкарчу гIаланашкахула кхайкхам а беш, хьехам а
беш волавелира. 2 Iийсас лелош долчух лаьцна
шена хезча, набахти чохь воллуш волчу Яхьъяс
шен мурдаш бахийтира 3 Цунна тIе хаттарца: «Хьо
вуй и ван везаш верг, я тхо кхечуьнга хьоьжуш Iан
деза?»
4 Iийсас цаьрга элира: «Даха а гIой, Яхьъяга
шайна гинарг а, хезнарг а дийца: 5 ‡‡‡бIаьрзечарна
бIаьрса ло, астагIнаш нийса дIалела, ца йоьрзуш
йолу *чкъуран цамгар* ерш цIанло цу цамгарх,
къорачарна хеза, белларш денло, къечарна *хаза
кхаъ* кхайкхабо. 6 Декъала ву Сох шек воцург».
7 Мурдаш дIабахначул тIаьхьа Iийса адамийн
тобанна Яхьъях лаьцна дийца волавелира: «Шу
яьссачу аренга стенга хьовса даханера? Мохо
лесточу эрзе хьовса-м ца даханера шу? 8 ХIан-хIа.
Ткъа стенга хьажа даханера? Хаза хIума
тIеюьйхинчу стаге хьажа дахнера? ХIан-хIа.
Исбаьхьа бедарш юьйхина нах паччахьан
гIаланаш чохь Iаш бу. 9 Ткъа хьаьнга хьовса
дахнера шу? Пайхамаре хьовса дахнера? ХIаъ, боху
Аса шуьга. Яхьъя вукху пайхамарел лаккхара ву.
10 §Цунах лаьцна *Делан Йозанаш* тIехь яздина ду:
„Хьажал! Ас Хьуна хьалха Сайн геланча воуьйту. Цо
Хьуна некъ кечбийр бу!“ 11 Аса бакъдерг боху
шуьга: кху дуьнен тIе бевллачарна юкъахь нах хих
чекхбохучу Яхьъял сийлахь а, воккха а стаг вац.
Делахь а стигалийн Олалла тIелаьцначарна
юкъахь уггаре а лахарниг а цул лаккхара ву. 12 §†Нах
хих чекхбохучу Яхьъян заманера дуьйна
таханлерчу денна тIе кхаччалц стигалийн Олалла,
яккхий гIулчаш йохуш, дIадоьдуш ду, ницкъ беш
берш иза сацо гIерташ белахь а §††. 13 ХIунда аьлча
товрат-хьехамаша а, пайхамарша яздинчо а
хиндерг схьааьлла долуш дара, Яхьъя лелаш хилла
волу хан тIекхаччалц. 14 §‡Цара бохуш дерг шу
тIеэца кийча делахь, Яхьъя ву-кх шуна и вогIур ву
бохуш волу Эли-ЯхIу. 15 Лергаш долчунна хIара
дIахезийла.
16 Хьаьнца юстур ю Аса хIара тIаьхье? Уьш,
базаран майданашкахь кхечу берашка мохь а
бетташ, Iаш долчу берех тера ду:
17 „Оха шун дуьхьа шедаг лекхира, ткъа шу халха а
ца девлира!
Оха шуна гIийла эшарш лекхира, ткъа шу
гIайгIане а ца хилира!“
18 Яхьъя гучуваьлла. Цо хIума а ца йоу, мала а ца
молу. Ткъа цунах лаьцна дуьйцу, иза жинаша
хьийзош волу стаг ву бохуш. 19 Цул тIаьхьа
*Адамийн КIант* веара. Цо яа а йоура, мала а молура.
Цунах лаьцна а дуьйцу: „Хьовсал цу адаме! И юуш
ву, молуш ву, ял йоккхучийн а, къинош
летийначийн а доттагIа ву!“ Амма Делера долу
хьекъал бакъдо цунах даьллачу гIуллакхаша».

### Дохкойовлаза йисина гIаланаш

(Лака 10:13-15)

20 Iийса бехк боккхуш волавелира Ша Шен дукхах
долу Iаламаташ гайтинчу гIаланийн бахархойх,
уьш метта а баьхкина, Далла тIе ца берзарна.
21 §‡†«Декъаза ю-кх хьо, Къераз-гIала! Декъаза ю-кх
хьо, Бет-Саида-гIала! Шу долчохь хилла долу

† 10:33 2 Тимапига 2:12. †† 10:35, 36 Мика-ЯхIу 7:6. ‡ 10:38 Маттай 16:24; Марк 8:34; Лака 9:23. ‡† Баланийн мохь *– бакъду, грекийн маттахь иштта яздина ду: *жIаран бIогIам.* ‡‡ 10:39 Маттай 16:25; Марк 8:35; Лака 9:24; 17:33; Яхьъя 12:25. ‡‡† 10:40 Лака 10:16; Яхьъя 13:20; Марк 9:37; Лака 9:48. ‡‡‡ 11:5 ЕшаI-ЯхIу 35:5, 6; ЕшаI-ЯхIу 61:1.

§ 11:10 Малъаки 3:1. §† 11:12, 13 Лака 16:16. §†† ...стигалийн Олалла, яккхий гIулчаш йохуш, дIадоьдуш ду, ницкъ беш берш иза сацо гIерташ белахь а *– цуьнан кхин маьIна а хила таро ю: *...стигалийн Олаллина дуьхьал луьра тIелатарш ду, ткъа ницкъ бийраш Иза эшо гIерташ бу.* §‡ 11:14 Малъаки 4:5; Маттай 17:10-13; Марк 9:11-13. §‡† 11:21 ЕшаI-ЯхIу 23:1-18; Яхьазкхиал 26:1–28:26; Юал 3:4-8; Iамос 1:9, 10; Закри-ЯхIу 9:2-4.

тамашийна гIуллакхаш Цора-гIалахь а, ЦIадан-гIалахь а хиллехьара, цигара адамаш, тоххарехь дохко а девлла, шайн дохкодовлар гойтуш йолу бедарш тIе а юьйхина, овкъарна тIе охьахевшина хир дара. 22 Аса боху шуьга: Цорарчу а, ЦIаданарчу а нахана къематан дийнахь дуккха а атта хир ду шуначул. 23 †Ткъа хьо, Къапарнам-гIала,
хьо язйина стигала хьалайоккхур ю моьтту хьуна?
Йоккхур яц, жоьжахатин цIерга кхуссур ю.
Седамехь хьуна гина долу Iаламаташ хиллехьара, иза хIара де тIекхаччалц лаьтташ хир яра. 24 ††Аса боху шуьга: Седамна кхана догIун долчу къематан дийнахь атта хир ду хьуна чул».

### Суна тIе дуьйла, Аса синтем лур бу шуна
(Лака 10:21, 22)

25 ТIаккха Iийсас элира: «Аса сий до Хьан, Сан Да, стигаллий, латтий карахь долу Веза Эла, хьекъалчеххий, Iилманчеххий и хIума къайла а дальккхина, бер санна, догцIеначарна Ахьа иза дIаделларна. 26 ХIаъ, Сан Да, иза Хьан лаамца хилла ду. 27 ‡Дерриг а Сан Дас схьаделла Суна, ткъа КIант Дена бен ца вевза. Да а ца вевза КIантаний, Цунна Да вовзийта лиъначунний бен. 28 Дуьйла Суна тIе, кIадделларшший, балехь дершший. Аса дагна синтем лур бу шуна. 29 ‡†Сан дукъ шайна тIеэца, Сох Iама, хIунда аьлча даг чохь Со чIогIа эсала а, кIеда а ву шуна. Цундела шуна Со волчохь деган синтем карор бу. 30 Сан дукъ а дIакхехьалур долуш ду, Сан мохь а бац беза».

### СадоIучу шоьтан дийнахь буьртигаш схьадахар
(Марк 2:23-28; Лака 6:1-5)

12 ‡‡СадоIучу шоьтан дийнахь Iийса дIайийначу аренгахула схьавогIуш хилла. Мацбелла болчу Цуьнан мурдаша, кIен кенаш схьа а дохуш, царна юккъера буьртигаш дууш хилла. 2 И сурт гина болчу *парушхоша* Iийсага элира: «Хьажал! Хьан мурдаш Дала кхоьллинчу шоьтан садоIучу дийнахь ца магийна дерг лелош бу».
3 ‡‡†Iийсас царна жоп делира: «Дауд-паччахьо, шен накъостий мацбелча, диначух лаьцна ца дешна аша? 4 ‡‡‡Цо, *Делан цIа* чу а вахана, Далла къобалдина долу деза бепиг, схьа а эцна, шений, шен накъосташний юккъехь декъа а декъна, диина, и санна долу хIума дан дихкина хилла доллушехь. И бепиг динан дайшна бен даа магош ца хилла. 5 §Товрат-хьехамаш тIехь аша ца дешна, Делан цIийнан кертахь болх а беш, динан дайша шоьтан садоIу де дохош хиларх лаьцна, ткъа царна цхьаммо а бехк ца билларх лаьцна а? 6 Аса боху шуьга, тахана кхузахь Лаьттарг Делан цIийнал дуккха а лакхара ву. 7 §†Делан Йозанна тIера „Суна шун вовшашца къинхетамалла хилар деза ду, аша Сан дуьхьа дохучу сагIанел“ – бохуш долу дешнех шу кхеташ делахьара, аша бехк боцурш бехке бийр бацара. 8 Хаалаш, *Адамийн КIант* Дала кхоьллинчу шоьтан денна тIехь а Эла ву шуна».

### Iийсас куьг заьIап долу стаг туовар
(Марк 3:1-6; Лака 6:6-11)

9 Цул тIаьхьа цигара дIа а ваьлла, церан *гуламан цIа* чу вахара Iийса. 10 Цигахь заьIап куьг долу стаг вара. Iийса бехкеван бахьанаш лоьхуш болчу парушхоша Кхуьнга хьаттира: «Товрат тIерачу хьехамаша пурба лой Далла леринчу шоьтан дийнахь нахана дарба дан?»
11 §††Iийсас цаьрга элира: «Шайн уьстагI ор чу боьжча, аша иза хьалабоккхур бацара, Далла леринчу шоьтан де делахь а? 12 Ткъа стаг мел веза ву уьстагIал! Далла леринчу шоьтан дийнахь диканиг дан мегар ду». 13 Цомгушчуьнга Iийсас элира: «Схьакховдаде хьайн куьг!» Цо куьг дIакховдийра. Иза цу сохьта, важа куьг санна, то а делла, дIахIоьттира. 14 *Парушхой*, вовшах а кхетта, Iийса шаьш муха хIаллаквийр вара бохуш, барт бан буьйлабелира.

### Хаьржина волу ялхо

15 Иза хууш волу Iийса цигара дIавахара. Цунна тIаьхьа дукха адам хIоьттира. Цо цомгуш мел верг товира. 16 ХIора Ша то мел винчу стагана Iийсас тIедиллира, Ша мила ву ма дийца аьлла. 17 Цу тайпана кхочушхилира Дала ЕшаI-ЯхIу-пайхамарехула аьлларг:
18 §‡«ХIара Сан Ялхо ву, Ас хаьржина волу.
Кхунна Со реза ву, Кхунах воккхавеш ву Со.
Сайн Са дуьллур ду Ас Кхунна тIе,
Кхо халкъашна нийсо дIакхайкхор ю!
19 ХIара шуьца къийсалур а вац, Кхо Шен аз а айдийр дац.
Урамашкахь цхьанна а Кхуьнан аз а хезар дац.
20 Кагбалла боллуш болу эрз а кагбийр бац Кхо,
дIаяан гIерташ сийсаш йогуш йолу милт а дIайойур яц,
Ша, нийсо а йина, толам баьккхина валлалц.
21 Халкъаш цунах дог тешна а хир ду!»

### Iийса а, БаIал-Зебула а
(Марк 3:20-30; Лака 11:14-23; 12:10)

22 ТIаккха Iийсана тIе цхьа стаг валийра. Жинаша хьийзош хиларна, бIаьрзе а, мотт а сецна а вара иза. Iийсас иза товира: цомгушниг, мотт а буьйцуш, бIаьрса схьа а деана, дIахIоьттира. 23 §‡†Адамаша, цец а дуьйлуш, вовшашка хоьттура: « *Даудан КIант-м* вац теша Иза?» 24 §†Иза хезна болчу парушхоша элира: «Цо жинаш дIалелхадо церан эла волчу БаIал-Зебула-жинан гIоьнца».

† *11:23 ЕшаI-ЯхIу 14:13-15; Доладалар 19:24-28.* †† *11:24 Маттай 10:15; Лака 10:12.* ‡ *11:27 Яхьъя 3:35; Яхьъя 1:18; 10:15.* ‡† *11:29 Ярми-ЯхIу 6:16.* ‡‡ *12:1 Карлабаькkхинарг 23:25.* ‡‡† *12:3, 4 Шамъал 21:1-6.* ‡‡‡ *12:4 Iамалъяр 24:9.* § *12:5 Лелар 28:9, 10.* §† *12:7 Маттай 9:13; ХIушаI 6:6.*

§†† *12:11 Лака 14:5.* §‡ *12:18-21 ЕшаI-ЯхIу 42:1-4 (Грекийн).* §‡† *12:23 Маттай 9:27.* §† *12:24 Маттай 9:34; 10:25.*

[25] Іийсана хууш дара церан дагахь дерг. Цо элира:
«Муьлхха а екъаелла йолу пачхьалкх хІаллакьхила
хьаьхна ю. Юкъахь барт боцу хІора гІала я доьзал
шаьш ма-хиллара латталур дац. [26] Нагахь санна
жин жино дІалаллахь, *иблис* ша-шена дуьхьал
долу. Ткъа муха лаьттар ду цуьнан олалла? [27] Нагахь
Ас, аша ма-баххара, жинаш БаІал-Зебулин гІоьнца
дІалохкуш хилча, шуна тІаьхьаІоьттинчара
хьенан гІоьнца лохку уьш дІа? Иштта, цара йийр ю
шуна кхел. [28] Амма Аса Делан Синца уьш
дІалахкахь, иза тоьшалла ду шуна *Делан Олалла*
шу долчу кхаьчна хилар. [29] Шел ницкъ болуш волчу
стеган цІа чуьра хІума муха лачкъор ю, иза цкъа
хьалха дІавихкина бен? Цул тІаьхьа бен далур дуй
къола? [30] †Соьца воцург Суна дуьхьал ву, Соьца нах
схьагулбеш воцург уьш дІасакхуьйсуш ву.
[31] Цундела боху шуьга: хІора латийначу къина,
динчу Іесачу къамелана стаг дохковаьллачул
тІаьхьа гечдийр ду, амма Делан Са сийсаздинчунна
гечдийр дац. [32] ††Адамийн КІантана воних
аьллачунна гечдан мега, амма Делан Дезачу Синна
дуьхьал хІума аьллачунна гечдийр дац я
таханлерчу бІешарахь а, я тІедогІун долчу
бІешерашкахь а. [33] ‡Шуна хаьа дика стом кхио дика
дитт оьшийла, ткъа вочу дитто вон стом ло. ХІора
дитт шен стоьме хьаьжжина хуьлу.
[34] ‡†Шу, лаьхьанийн тІаьхье! Шун багара муха дер
ду диканиг, шу шаьш зене нах хилча? Стеган даг
чохь дерг матта тІехь ма хуьлу. [35] Дикачу стага шен
даг чуьра диканиг долуьйту, ткъа вочу стага шен
кийрара воних бен ца долуьйту. [36] Амма Аса боху
шуьга: къематан дийнахь хІора шаьш ойла а ца еш
аьллачу дашна жоп дала дезар ду массеран а.
[37] ХІунда аьлча хьайн дешнашка хьаьжжина хьо я
бехказавоккхур ву, я хьуна кхел йийр ю».

## Тамашийна хІума гайтар тІедиллар

(Марк 8:11, 12; Лака 11:29-32)

[38] ‡‡Цхьаболчу Іеламчу нахий, парушхоший
Іийсага дийхира: «Устаз! Тхуна чІогІа лаьара Ахьа
тамашийна гІуллакхийн билгало гойтийла!»
[39] ‡‡†Амма Іийсас жоп делира: «Боьха а, телхина а
йолу тІаьхье! Тамашийна гІуллакхийн
билгалонашка сатуьйсуш ду-кх шу. Цхьа а билгало
гур яц шуна, Юнус-пайхамарехула гайтинарг
йоцург. [40] ‡‡‡Юнус кхаа дийнаххьий, кхаа бусий
боккхачу чІеран кийрахь ма-хиллара, Адамийн
КІант а хир ву Лаьттан даг чохь кхаа дийнаххьий,
кхаа бусий. [41] §Къематан дийнахь Нунав-гІалара
бахархоша, беллачуьра ден а белла, уьш бехке
бийр бу, хІунда аьлча уьш Юнуса бина хаам
бахьана долуш дохкобевлла, ткъа шуна хьалха
Верг Юнусал лаккхара ву. [42] §†Цу тІаьхьенах болчу
нахаца цхьаьна къилбехьара зуда-паччахь а
денлур ю кхел ечу хенахь, цо уьш бехке а бийр бу,
хІунда аьлча иза цхьана дуьненан маьІІера йогІура
Сулим-паччахье ладогІа. Ткъа кхузахь Верг Сулим-
паччахьал веза ву».

## Харцжин юхадар

(Лака 11:24-26)

[43] «Харцжин стагах дІакъаьстича, иза хи доцучу
яьссачу аренгахула долалой лелаш хуьлу, тІетовжа
меттиг а ца карош. [44] ТІаккха цо олу: „Со
арадаьллачу цІа чу юхадоьрзур ду со“. Амма и стаг
волчу юхадеъча, ша Іийна меттиг яьсса а, нуй
хьаькхна а, цІанйина а карайо цунна. [45] ТІаккха
доьдий, цо шеца ворхІ харцжин даладо, шел дуккха
а вон долу. Уьш, цу стагана чохь шайн хІусам а
юьллий, даха ховшу. Эххар а оцу стеган хьал
юьххьенца хиллачул а вон хуьлу. Изза хир ду
тахана дехаш Іаш долчу вон адамашца а».

## Іийсан нана а, вежарий а

(Марк 3:31-35; Лака 8:19-21)

[46] Нахаца Іийсас къамел дечу хенахь Цуьнан
наний, вежарий арахь лаьтташ хилла, Цуьнца
къамел дан лууш. [47] Цхьаммо Іийсага элира:
«Хьажахь, Хьан наний, вежарий, Хьоьца къамел
дан лууш, хьоьжуш лаьтташ бу-кх арахь». [48] Иза
аьллачуьнга Іийсас хаьттира: «Мила ю Сан нана,
муьлш бу вежарий?» [49] Шен мурдашка куьг а
кховдош, Цо элира: «ХІорш бу Сан нана а, вежарий
а! [50] Сан стигалара волчу Ден лаам кхочушбеш верг
Суна ваша а, йиша а, нана а ю!»

## Ахархочух лаьцна хьекъале дустар

(Лака 8:4-8; Марк 4:1-9)

13 Цу дийнахь Іийса, цІа чуьра ара а ваьлла,
Іоман йисте охьахиира. [2] §††Цунна гонах
адамийн йоккха тоба гулъелира. Цундела Иза,
хІордкеманна чу а ваьлла, охьахиира, ткъа нах хи
йистехь бисира. [3] Іийсас, хьекъале дустарш а
далош, дуккха а хІуманаш дийцира царна.
Цо элира: «Цхьа ахархо шен кха тІе хІу таса
араваьлла. [4] Цо хІу тосучу хенахь цхьадолу
буьртигаш некъан йистехула охьаэгна хилла.
Схьадаьхкинчу олхазарша уьш дІадиъна. [5] Важа
буьртигаш, жагІа а болуш, латта кІеззиг долчу
метте охьаэгна дара. Цу буьртигаша сихха
зІийдигаш тесна, хІунда аьлча цигахь латта кІезиг
дара. [6] Малх кхетча, цо и зІийдигаш ягийра, церан
орамаш кІорга ца хиларна, уьш якъаелира.
[7] Кхидерш коканийн коьллаш юкъа ийгира, амма
коьллаша, юкъ а елла, хІун зІийдигаш
къайлаехира. [8] Ткъа важа долу хІу дика латта
долчохь нисделла. Уьш дикка хьала а девлла,
хьийкъина ялта делла цара, цхьацца долчара бІе,

† *12:30 Марк 9:40.* †† *12:32 Лака 12:10.* ‡ *12:33 Маттай 7:20; Лака 6:44.* ‡† *12:34 Маттай 3:7; 23:33; Лака 3:7; Маттай 15:18; Лака 6:45.* ‡‡ *12:38 Маттай 16:1; Марк 8:11; Лака 11:16.* ‡‡† *12:39 Маттай 16:4; Марк 8:12.* ‡‡‡ *12:40 Юнус 2:1.* § *12:41 Юнус 3:5.* §† *12:42 Сулим 10:1-10; 2 Шерашкахь 9:1-12.*

§†† *13:2 Лака 5:1-3.*

кхузткъа, ткъе уьттазза дӀадийначул сов а луш.
9 Лергаш долчунна хӀара хезийла!»

### Дустаран маьӀна довзийтар
(Лака 8:9, 10; Марк 4:10-12)

10 Ӏийсан мурдаша, Цунна тӀе а баьхкина,
хьаьттира: «Хьекъале дустарш далош хӀунда дуьйцу
Ахьа нахе?»
11 Ӏийсас цаьрга элира: «Шуна делла ду Стигалийн
Олаллин къайленаш йовзар, ткъа царна уьш
йовзар ца делла. 12 †ХӀунда аьлча долчунна кхин а
тӀелур ду, цуьнан дерг кхин а стамлур ду. Ткъа
доцучуьнгара цуьнан данне а доцург а дӀадоккхур
ду. 13 Цундела дуьйцу Аса царна хьекъале дустарш.
Уьш хьоьжуш боллушехь, царна хӀумма а ца го
дела а, ладугӀуш боллушехь, хӀумма а ца хеза я
дуьйцучух ца кхета дела а. 14 ††Царна тӀехь Ешаъ-
ЯхӀу-пайхамарехула Делера болу хаам
кхочушхуьлу:
„Аша ладугӀур ду, амма шу цунах кхетар дац,
хьоьжур ду шу, амма маьӀна къастор дац аша.
15 Цу нехан дегнаш шагделла,
церан лергаш къорделла,
церан бӀаьргаш дӀахьаббина бу.
Цара иза ца леладахьара,
церан бӀаьргашна са а гур дара,
церан лергашна хезар а дара,
церан дог кӀеда а хир дара,
уьш шайна гӀо дайта Суна тӀе а богӀур бара,
Аса уьш то а бийр бара!“
16 ‡Ткъа шу декъалдина ду, хӀунда аьлча шун
бӀаьргашна го, лергашна хеза. 17 Аса бакъдерг боху
шуьга: дуккха а пайхамарш а, Делан лаамехь берш
а лууш бара шуна гинарг ган, амма иза царна ца
гина. Царна лиъна шуна хезаш дерг хаза, амма
царна иза ца хезна».

### Ахархочух лаьцначу дустаран маьӀнах кхетор
(Марк 4:13-20; Лака 8:11-15)

18 «Ткъа хӀинца ладогӀал хӀу дӀадуьйш волчух
лаьцна хьекъале дустаран маьӀне. 19 Нагахь санна
стагана Делан Олаллех лаьцна хаза а хезна, иза
цунах ца кхеттехь, цунна *иблис* тӀедогӀу. Цо цу
стеган даг чу дижинарг лачкъадо. ХӀара ду некъан
йисте охьаэгна долчу хӀуьнан маьӀна. 20 ТӀулгийн
жагӀанна юккъе доьжна долчу хӀуьнан маьӀна,
хӀора дашах а тешаш, иза цу сохьта хазахетарца
тӀеоьцуш волу стаг ву. 21 Амма шен хила ма-беззара
орам боцу дела, иза кӀеззигчу ханна бен ца лаьтта.
Дош бахьана долуш хало тӀехӀоьттича, иштта волу
стаг сихха юьстах волу. 22 Коканаш долчохь
охьадоьжна долчу хӀуьнан маьӀна дича, дахаран
гӀайгӀанаша а, хьолах Ӏехабаларо а и хезна дош диц
а долуьйту, цуьнан дахарехь стом а ца ло бохург ду.
23 Ткъа ялта хьийкъинчу лаьтта кхаьчна долу хӀу –
шега бохуш долчух кхета а кхеташ, иза хезаш верг

† 13:12 *Маттай 25:29; Марк 4:25; Лака 8:18; 19:26.* †† 13:14, 15 *ЕшаӀ-ЯхӀу 6:9, 10 (Грекийн).* ‡ 13:16, 17 *Лака 10:23, 24.*

ву. Цо бӀозза, кхузткъазза, ткъе уьттазза
дӀадийначул сов хӀу ло».

### Асарх лаьцна хьекъале дустар

24 Кхин а цхьа хьекъале дустар далийра Ӏийсас
ладугӀуш болчарна: «Стигалийн Олалла иштта ду.
Цхьана стага шен кха тӀехь дика хӀу дӀадийнера.
25 Ткъа иза шен ялхошца вижина Ӏуьллучу хенахь
кхуьнан мостагӀа веана. Иза, кӀена юккъе асаран
буц а йийна, дӀавахана. 26 КӀа, тӀе а даьлла, кан
баккха доладелча, асар а гучудаьлла. 27 Ялхоша,
шайн хьолада волчу а баьхкина, элира: „Тхан
хьолада, ахьа дика хӀу дӀа ма дейтинера, ткъа асар
стенгара даьлла кӀена юккъе?“
28 Хьоладас цаьрга элира: „Сан мостагӀчо дина-кх
иза“.
Ялхоша хьаьттира цуьнга: „Оха, даха а гӀой,
схьаяккхий и буц?“
29 „ХӀан-хӀа, – элира хьоладас. – Суна луур дацара
аша асарца цхьаьна кӀен кенаш схьадохийла.
30 Уьш а, вуьш а цхьабосса хьаладовлийта. Ялта
чудерзон хан тӀекхаьчначу хенахь маьрсхошна аса
тӀедуьллур ду, цкъа хьалха буц схьа а яккхий,
цӀевнаш а дай, и буц ягае, ткъа кӀа дӀадуьллу цӀа
чохь схьагулде аьлла“».

### ХӀух а, морзанах а лаьцна хьекъале дустарш
(Марк 4:30-32; Лака 13:18-21)

31 Цо кхин а цхьа хьекъале дустар далийра:
«Стигалийн Олалла аренгахь дӀадийначу уггар
жимачу хӀух тера ду. 32 Иза кхечу хӀун буьртигаш
юкъахь массарал а жима ду, амма, тӀе а даьлла,
доккха хилча, бешахь мел долчу орамател уггар а
лекха хуьлу. Цунах дитт хуьлу, стигаларчу
олхазарша цуьнан гаьннаш юккъехь бенаш а
деш».
33 Кхин а цхьа хьекъале дустар а далийра Ӏийсас:
«Стигалийн Олалла морзанах тера ду. Зудчо, бод
хьаккхош, кхаа сахь чохь схьаэцначу демах тоьхна
иза. Морза, массанхьа а кхочуш, демах дӀаийна».
34 И шадерг а Ӏийсас гулбеллачарна хьекъале
дустарш далош дуьйцура. Дустар ца далош, Цо
хӀумма а ца дуьйцура царна. 35 ‡†Цу тӀехь
пайхамарехула аьлларг кхочушхилира:
«Аса шуьга хьекъале дустарш дуьйцур ду,
дуьне кхоьллинчу хенахь дуьйна къайлаха
хилларг гучу а доккхуш».

### Асарх лаьцна дийцинчун маьӀна

36 Нах а битина, Иза цӀа чу вахара. Ӏийсан
мурдаша, Цунна тӀе а бахана, элира: «Аренгахь
тӀеяьллачу асаран бецах лаьцна Айхьа дийцинчух
тхо кхетадехьа».
37 Ӏийсас цаьрга элира: «Дика хӀу дӀадийнарг – Иза
*Адамийн КӀант* ву. 38 Ткъа аре – иза дуьне ду. Дика
хӀу – Делан Олаллин бахархой бу. Ткъа асаран буц

‡† 13:35 *Забур 77:2.*

иблисан агIонгара нах бу. [39] И асаран буц дIайийна
волу мостагIа иблис санна ву. Ткъа ялта хьокху хан
– иза дуьненан тIаьхьара зама ю. Маьрсахой
маликаш санна бу. [40] Асаран буц схьа а гулъеш,
литтанаш а деш, ягош долу сурт хир ду дуьненан
тIаьхьарчу заманчохь. [41] Адамийн КIанта Шен
маликаш дохуьйтур ду, къинош летош, зулам
лелош берш Шен Олаллера, схьа а къастийна,
[42] уьш алуца йогуш йолчу пеша чу кхисса. Цигахь
белхар а, цергаш хьекхор а ду. [43] Делан лаамехь
берш шайн Ден Олаллехь, малх санна, къегаш хир
бу. Лергаш долчарна хIара дIахезийла».

## ДIайоьллинчу хазнех а, мехалчу жовхIарех а лаьцна

[44] «Стигалийн Олалла аренгахь дIайоьллина йолу
хазна санна ду. Стагана иза карийча, цо иза цкъа
хьала а йоккхий, юха а дIаюллу. Дукха гIадваханчу
цо, ваха а воьдий, шен берриг а бахам дIа а
бухкий, и аре схьаоьцу.
[45] Стигалийн Олалла мехала жовхIарш лоьхуш
лелачу совдегарх тера ду. [46] Шена къаьсттина
мехала долу жовхIар карийча, цо ша да мел волу
хIума дIа а духкий, иза шен дола доккху.
[47] Кхин а Стигалийн Олалла Iам чу чIерий леца
теснachу бойнах тера ду. Цу юккъе тайп-тайпана
чIерий лелха. [48] Бой юьзначул тIаьхьа,
чIерийлецархоша иза хийисте хьалайоккху. Цул
тIаьхьа цара, охьа а ховший, дика чIерий дIахоржу,
ткъа вуьш дIакхуьссу. [49] Иштта хир ду дуьненан
тIаьхьарчу заманчохь. Маликаша, схьа а даьхкина,
вониш дикачарах дIа а къастийна, [50] йогуш йолчу
пеша кхуьссур бу. Цигахь белхар а, цергаш хьекхор
а ду».
[51] Iийсас Шен мурдашка хаьттира: «Шу кхетий Аса
аьллачух?»
Цара жоп делира: «Кхета».
[52] ТIаккха Iийсас элира: «Цундела хIора Стигалийн
Олаллехь мурд хилла схьавеана волу *Iелам стаг*
цхьана хIусамдех тера ву, дIайиллинчуьра схьа а
оьцуш, тиша а, цIена а хIуманаш дIалуш волчу».

## Iийса Назарт-гIалахь тIе ца оьцу

(Марк 6:1-6; Лака 4:16-30)

[53] Хьекъале дустарш далош Ша дина долу къамел
чекхдаьллачул тIаьхьа, Iийса цигара дIавахара.
[54] Ша кхиинчу гIала а веана, церан *гуламан цIа*
чохь нах Iамо волавелира Иза. Массара а, цец а
буьйлуш, вовшашка хьоттура: «Цунна мичара
даьлла и хьекъал? Цунна мичара баьлла
тамашийна хIуманаш лело ницкъ? [55] Дечиган
пхьеран кIант вац Иза? Цуьнан ненан цIе Марем
яц? Ткъа вежарийн цIераш Якъуб, Юша, ШамIа,
ЯхIуд бохуш яц? [56] Вайна юкъахь лелаш бац Цуьнан
йижарий? И шадерг а Цунна мичара даьлла?»
[57] †Оцу нахана Иза къобалван ца лиира.

Ткъа Iийсас цаьрга элира: «Ша схьаваьллачу
меттигехь а, шен цIахь а бен ца хуьлу пайхамар
наха ца лоруш». [58] Цо цигахь дукха тамашийна
билгалонаш ца гайтира, церан тешар кIезиг долу
дела.

## Яхьъя-пайхамаран дIакхалхар

(Марк 6:14-29; Лака 9:7-9)

14 Цу хенахь Галилай-махкахь паччахь волчу
ХIародана Iийсах лаьцна хезна хилла. [2] Шена
ялхолла лелош болчаьрга цо элира: «И стаг нах хих
чекхбоху Яхьъя ву. Иза веллачуьра денвелла,
цундела бу цуьнгахь тамашийна билгалонаш гайта
ницкъ».
[3] ††И де тIекхачале дикка хьалха ХIарод-паччахьо
Яхьъя, схьа а лаьцна, буржалш а тоьхна, набахти
чу кхоьссина хилла. Цо иза шен вешин Пилапан
зуда ХIародад бахьана долуш дина хилла. [4] ‡Яхьъяс
цунах бехк баьккхина хилла: «Хьан йиш яц цуьнца
цхьаьна ваха», – аьлла. [5] ХIарод и бехк баккхар
бахьана долуш Яхьъя вен лууш хилла, амма адамех
иза хIуттуш ца хилла, цара Яхьъя лоруш тIеэцна
хилла дела. [6] ХIарод вина де тIекхаьчча, ХIародадан
йоI паччахьний, цуьнан хьешашний хьалха
халхаюьйлуш хилла. Цуьнан халхар чIогIа тайна
волчу ХIарода [7] чIагIо йина, ша цуьнан муьлхха а
дехар кхочушдийр ду аьлла. [8] Шен нанас
иракарахIоттийна йолчу йоIа элира: «Шуьна чохь
нах хих чекхбохучу Яхьъян корта схьаба суна».
[9] Ша гIайгIане воьжнехь а, шен хьешашна хьалха
ша йина йолу чIагIо бахьана долуш, ХIарода, и
дехар кхочушде аьлла, омра дина хилла. [10] Яхьъян
корта баккха аьлла, цо набахте нах бахийтина.
[11] Цара, шуьна чу а биллина, Яхьъян корта, схьа а
беана, йоIе дIабелла, ткъа цо иза шен нанна
дIабаьхьна. [12] Яхьъян мурдаша, схьа а даьккхина,
цуьнан дакъа дIадоьллина, ткъа цул тIаьхьа, баха а
бахана, Iийсага и дерриг дIадийцина цара.

## Пхи эзар стаг вузор

(Марк 6:30-44; Лака 9:10-17; Яхьъя 6:1-14)

[13] Иза шена хезча, Iийса, хинкеманна тIе а хиъна,
цхьа а стаг воцучу метте дIавахара, ша висархьама.
Амма нахана и хIума дIахезча, шайн гIаланашкара
схьа а баьхкина, уьш хин йистехула Цунна
тIаьхьабахара. [14] Ша хийисте хьалаваьлча, Iийсана
адамийн йоккха тоба гира. Царах къа а хетта, цо
царна юккъера цомгуш берш тобира. [15] Суьйре
тIееъча, Цуьнан мурдаш тIебаьхкира. Цара элира:
«ХIара меттиг яьсса ю. Вайна хан а яьлла. Нах
дIабахийта, ярташка а бахана, цаьрга шайна яа
хIума эцийта».
[16] Ткъа Iийсас элира: «Уьш дIабаха оьшуш дац.
Аша лур ю царна яа хIума».
[17] Мурдаша Цуьнга элира: «Вайгахь йолу шаерг а
пхи хьокхаммий, ши чIарий бен яц».

† *13:57 Яхьъя 4:44.*

†† *14:3, 4 Лака 3:19, 20.* ‡ *14:4 Iамалъяр 18:16; 20:21.*

18 Ткъа Iийсас элира: «Уьш Со волчу схьаялл». 19 Цо,
нах бай тIе охьа а ховшийна, шайгахь болу пхи
хьоккхам, ши чIарий схьа а эцна, стигала хьала а
хьаьжна, и кхача къобалбеш, доIа дира. ТIаккха и
хьоккхамаш а, чIерий а дакъошка декъа а доькъуш,
Шен мурдашка дIакховдадора Цо. Цара и дакъош
нахе дIалора. 20 Массара а яа а йиира, уьш буза а
буьзира. Цул тIаьхьа, мурдаша тIаьхьайисинчу яа
хIуманах шийтта тускар дуьзира. 21 Цигахь яа хIума
йиъначарна юккъехь, зударий, берашший доцург,
пхи эзар боьрша стаг а вара.

## Iийса хи тIехула дIавоьду

(Марк 6:45-52; Яхьъя 6:15-21)

22 Цу сохьта Iийсас Шен мурдаш, хинкеманна тIе а
ховшийна, Галилай-Iоман дехьарачу йисте Шел
хьалха дIабахийтира, ткъа Ша нах дIахьовсо
тIаьхьасецира. 23 Нах дIа а хьовсийна, Iийса Ша
цхьаъ лома хьалавелира, доIа дархьама. Суьйре
тIекхаьчча, Иза цигахь Ша вара. 24 Хин кема
хийистера геннахь дара. Иза тулгIенаша дехьий-
сехьий кхуьссура, кема чIогIа хьоькхуш болчу
мохана дуьхьал доьдуш долу дела. 25 Iуьйранна
кхаа сахьтаний, ялх сахьтаний юккъехь Iийса уьш
болчу хи тIехула дIаволавелира. 26 Хи тIехула Иза
вогIуш гича, Цуьнан мурдаша, кхера а белла, мохь
хьаькхира: «Иза гIаларт ду!» – аьлла.
27 «Доьналла долуш хила! Со ву шуна иза! Ма
кхера!»
28 Цунна дуьхьал Кипас элира: «Сан Эла! Иза Хьо
велахь, Хьайн лаамца со хи тIехула Хьайна тIе
ваийтахьара Ахьа!»
29 «ТIевола!» – элира Цо.
Кипа, хинкеманна чуьра охьа а воьссина, хи
тIехула Iийсана тIевахара. 30 Шена чIогIа хьоькхуш
болу мох гича, Кипа кхеравелира. Ша хи буха ваха
воьлча, цо мохь хьаькхира: «Ва Эла!
КIелхьарваккхахьа со!»
31 Iийсас, сихха куьг дIа а кховдийна, иза
хьалаваьккхира. Цо цуьнга элира: «Делах кIезиг
тешаш верг! Хьайн даг чу шеко хIунда
кхоллаялийтира ахьа?» 32 Уьш хинкеманна чу
бевлча, мох дIасецира. 33 Цу чохь мел волчо а,
корта охьа а таIийна, Iийсага элира: «Хьо
баккъалла а *Делан КIант* ву!»
34 Хин кеманна тIехь Iомал дехьа а бевлла, уьш
Гансарт-махка кхечира. 35 Цигарчу нахана Iийса
вевзинчул тIаьхьа, массо а маьIIера Кхунна тIе
цомгуш болу нах кхуьйлуш хилла. 36 Цара, Iийсан
бедарх куьг Iоттийтахьара бохуш, дехар дора.
Цуьнан бедаран юьхах куьг мел Iоьттинарг, то а
лой, дIахIуттура.

## Дайша лелийна Iадаташ

(Марк 7:1-13)

15 Ярушалайм-гIалара баьхкинчу парушхоший,
Iеламчу нахий Iийсага элира: 2 «Хьан
мурдаша вайн дайша лелийна Iадаташ хIунда
талхадо? Цара хIума яале хьалха куьйгаш
цIандаран Iадат кхочуш хIунда ца до?!»
3 Царна дуьхьал Iийсас элира: «Ткъа аша хIунда
талхадо Дала тIедиллина долу парзаш, шайн
Iадаташ ца дохорхьама? 4 †Дала аьлла ма ду: „Хьайн
дай-наний лара“, ткъа „Шен дена я нанна неIалт
аьлларг вен веза“. 5 Амма аша боху шайн дега а,
нене а ала мега: „Сан шуна гIо дан йиш яц, хIунда
аьлча шуна лерина хилларг аса Далла совгIатна
дIало“. 6 Цу дешнаша дай-наний ца лара бакъо ло.
Аша Дала шайна тIедиллина долу парз шаьш
кхоьллина долу ламаст бахьана долуш
дIадаьккхина. 7 Шалхо лелорш! Шух лаьцна нийса
аьлла хилла ЕшаI-ЯхIус ша Делера бинчу хаамехь:
8 ††„ХIокху адамаша Со багахь лору,
ткъа церан дегнаш Суна дукха генахь ду.
9 Церан ларамах пайда бац,
хIунда аьлча церан хьехамаш Делера бац,
уьш адамаша кхоьллина бу“».

## Далла гергахь стаг бехвеш дерг

(Марк 7:14-23)

10 Нах Шена тIе а кхайкхина, Iийсас элира: «Соьга
ла а догIий, Аса бохучух кхетахьара шу: 11 стеган
багахула чудоьдуш долчу хIумано Далла гергахь
иза бех ца во, цу багахула арадолучо бен».
12 ТIаккха тIебаьхкинчу мурдаша Iийсага элира:
«Хьуна хаьий *парушхой* Ахьа аьлла долу дешнаш
бахьана долуш шаьш юьхьIаьржачу хIиттина
хеташ буйла?»
13 Iийсас цаьрга элира: «Сан стигалахь волчу Дас
дIадоьгIна доцу хIора орамат шен орамашца
схьадаьккхина хир ду. 14 ‡Уьш машарца дIабахийта.
БIаьрзе нах бу уьш. Царна тIаьхьахIоьттинарш а бу
бIаьрзе. Хьалха ваьлларг а, тIаьхьахIоьттинарг а,
ший а бIаьрзе хилча, и шиъ ор чу вужур ву».
15 Цунна дуьхьал Кипас элира: «Кхетадехьа Ахьа
тхо оцу дустарх».
16 Ткъа Iийсас элира: «ХIинца а оццул кхетам
боцуш ду шу? 17 Шун бага кхаьчна долу хIума, *зорх*
чу а кхочий, цул тIаьхьа кийрара арадолу. 18 ‡†Амма
шун багара арадолуш дерг шун даг чуьра
арадолуш ду. Иза ма ду стаг Далла гергахь бехвеш
дерг. 19 Аса иштта боху шуьга, дерриг а вониг даг
чуьра арадолуш долу дела: вон ойланаш, стаг вер,
ямартло, нахаца лелар, къола дар, эладита
кхоллар, харцдерг дийцар. 20 Иза ду стаг Далла
гергахь бехвеш дерг. Ткъа стага яа хIума яале шен
куьйгаш ца диларх, иза Далла гергахь бехлур вац».

## Кхечу къомах йолчу зудчун тешар

(Марк 7:24-30)

21 Цигара дIа а ваьлла, Iийса Цорин а, ЦIаданан а
гонах йолчу меттигашка дIавахара. 22 Йоьлхуш,
Цунна тIееара цигахь Iаш йолу канаIанхойх

---

† *15:4 Арадаккхар 20:12; Карлабаьккхинарг 5:16; Арадаккхар 21:17; Iамалъяр 20:9.* †† *15:8, 9 ЕшаI-ЯхIу 29:13 (Грекийн).* ‡ *15:14 Лака 6:39.* ‡† *15:18 Маттай 12:34.*

схьаяьлла йолу цхьа зуда: «Къинхетам бехьа сох,
Веза Эла, *Даудан КIант*! Харцжинаша къиза
хьийзош, са дуьллу меттиг яйна лелаш ю-кх сан
йоI».
23 Амма Iийсас цуьнга хIумма а ца элира.
Мурдаша, тIаьхьа а баьхкина, Цуьнга дехар дира:
«ДIаэккхае и зуда! Массо а хенахь вайна тIаьхьа а
яьлла, мохь хьоьккхуш ю-кх».
24 Цо цаьрга элира: «Исраилан тилабеллачу
уьстагIашна бен гIо дан ваийтина вац Со».
25 ТIаккха и зуда, Iийсана тIе а еана, гора а
хIоьттина, йистхилира: «Веза Эла! ГIо дехьа суна!»
26 Iийсас цу зудчуьнга элира: «Нийса дац иза,
берашкара схьа а йоккхуш, юург жIаьлешна
дIакхоссар».
27 Зудчо элира: «Бакъ ду иза, Эла! Делахь а
жIаьлеша а ма лехьадо хIусамден шуьн уллора
охьадоьжна долу цуьргаш».
28 ТIаккха Iийсас цуьнга элира: «Йиша, хьан Делах
тешар чIогIа ду! Хьан лаам кхочуш хир бу!» Цу
сахьтехь зудчун йоI тоелира.

### Дукха нах тобар

29 Цигара дIа а ваьлла, Iийса Галилай-Iоман
йистехула дIавахара. Лам тIе хьала а ваьлла,
охьахиира Иза. 30 Цунна тIе адамийн тобанаш эха
юьйлаелира, шайца астагIнаш, бIаьрзенаш,
заьIапхой, мотт ца хууш болу къора нах, кхиболу
цомгуш нах а болуш. Цара уьш лаьттахь
охьабохкура, Iийсан когаш хьалха. Ткъа Цо уьш
тобора. 31 Адамаш чIогIа цецдуьйлура шайна мотт
ца хууш болу къора нах къамел деш гича,
заьIапхой тобелча, астагIа берш, шерра ког а
боккхуш, дIабоьлхуш гича, бIаьрзе берш са ган
буьйлабелча. Уьш Исраилан Далла хастамаш беш
бара.

### Виъ эзар стаг вузавар
(Марк 8:1-10)

32 Шен мурдаш тIе а кхайкхина, Iийсас цаьрга
элира: «Суна къахета оцу нахах, хIунда аьлча кхо де
а ду уьш Соьца болу, ткъа царна яа хIума яц. Уьш
меца дIабахийта Суна ца лаьа, новкъахь уьш
мацалла кхин а чIогIа гIел ца балийта».
33 Мурдаша Цуьнга элира: «ХIокху юьстахчу
меттехь вайна мичара карор ю оццул долчу
халкъана яа хIума?»
34 Iийсас цаьрга хаьттира: «Маса бепиг ду
шуьгахь?»
Цара жоп делира: «ВорхI бепиггий, масех чIарий
бу».
35 ТIаккха Цо массо а стаг латтта охьахаийра.
36 ВорхI бепиггий, чIерий схьа а эцна, Далла хастам
а бина, куьйгаца каг а деш, Шен мурдашка
кховдадора Цо, ткъа цара нахана дIадоькъура иза.
37 Массара а шаьш дуззалц хIума йиира.
ТIаьхьайисина йолу яа хIума мурдаша схьагулйича,
ворхI тускар хьаладуьзира. 38 Адамийн тобанна
юкъахь виъ эзар стаг вара, зударий, берашший ца
лерича а. 39 Нах дIасабевллачул тIаьхьа Iийса,
хинкеманна тIе а хиъна, Магдан-гIалина улло
дIавахара.

### Iийсана тамашийна хIума гайтар тIедиллар
(Марк 8:11-13; Лака 11:29-32)

16 † *Парушхой* а, *садукъой* а баьхкира Iийса
волчу Иза зерхьама. Цара дехар дира, шайна
стигалара тамашийна билгало гайтахьара аьлла.
2 Iийсас цаьрга элира: «Малх дIабузучу хенахь аша
олу: „Кхана хаза хенан хIоттам хир бу, стигал
цIийелла йолу дела“. 3 Малх схьакхеттачу хенахь
олу: „Таханлера де йочане хир ду, хIунда аьлча
стигал цIарула-цIен а, кхоьлина а ю“. Шуна
стигалан сибат девза, амма заманан билгалонаш
къасто ца хаьа шуна. 4 ††Боьхачу а, телхинчу а
тIаьхьено тамашийначу гIуллакхийн билгалонаш
лоьху, амма царна уьш гур яц, Юнус-
пайхамарехула гайтина билгало бен».
Уьш шаьш болчохь а битина, Iийса дIавахара.

### Парушхойн а, садукъойн а муьста бод
(Марк 8:14-21)

5 Хих дехьабовлуш, Iийсан мурдашна бепиг
схьаэца дицделлера. 6 ‡ТIаккха Iийсас цаьрга элира:
«Варелаш, ларлолаш садукъойн а, парушхойн а
муьстачу бедах».
7 И дешнаш шайна юкъахь дийцаре динчул
тIаьхьа цара элира: «Цо иза аьлла хир ду, вай
новкъа довлуш бепиг схьа ца эцна дела».
8 Iийсана-м хууш хилла цара дуьйцуш дерг.
Цундела Цо элира: «Делах кIезиг тешарш! ХIунда
боху аша шайгахь бепиг дац? 9 ‡†ХIинца а ца кхетта
шу цунах? Дагадаийтийша шайна тохарлера пхи
бепиг, пхи эзар стагана вуззалц даъал хилла долу.
Цул тIаьхьа шаьш дуьзна долу тускар маса хилла а
дагадайта. 10 ‡‡Ткъа шуна дага ца догIу виъ эзар
стаг вузийна долу ворхI бепиг а, цул тIаьхьа шаьш
дуьзна долу тускар маса хилла а? 11 ХIунда ца кхета
техьа шу Аса баьпках лаьцна ца дуьйцийла? Аса
шуьга ларло бохург парушхойн а, садукъойн а бод
совсош тухуш болу муьста бод бу».
12 ТIаккха уьш кхийтира Iийсас шайга дийцинарг
бод совсош болу муьста бод боцийла. Цо уьш
ларбеш дерг парушхойн а, садукъойн а хьехамаш
бара.

### Кипас Iийсах лаьцна аьлларг
(Марк 8:27-30; Лака 9:18-21)

13 Iийса Пилап-паччахьан гIалин уллорачу метте
веача, Цо шен мурдашка хаьттира: «Наха *Адамийн
КIант* мила ву боху?»
14 ‡‡†Цара элира: «Цхьаболчара Хьо нах хих
чекхбоху Яхьъя ву боху, вукхара Эли-ЯхIу-

---

† *16:1 Маттай 12:38; Лака 11:16.* †† *16:4 Маттай 12:39; Лака 11:29.* ‡ *16:6 Лака 12:1.* ‡† *16:9 Маттай 14:17-21.* ‡‡ *16:10*

пайхамар, ткъа кхозлагIчара Хьо Ярми-ЯхIу, я кхечу
пайхамарех цхьаъ ву боху».
15 ТIаккха Цо цаьрга хаьттира: «Ткъа аша хIун
боху, Со мила ву боху аша?»
16 †ШамIа-Кипас жоп делира: «Хьо *Дала леррина
Къобалвинарг*, дийна волчу *Делан КIант* ву».
17 Цо аьллачунна дуьхьал Iийсас жоп делира:
«Декъал хилла хьо, ШамIа, Юнин кIант, хIунда
аьлча хьуна иза нахера ца хиъна, стигалахь волчу
Сан Дегара хиъна. 18 Аса боху хьоьга: хьо, тIулг
санна волу, Кипа ву. Цу тIулга тIехь Аса Сайх
тешначийн тоба кхуллур ю. Жоьжахатин цIеран а
иза йохо ницкъ хир бац. 19 ††Аса стигалийн
Олаллера догIанаш лур ду хьоьга. Ахьа кху дуьнен
чохь дихкинарг Дала дихкина хир ду. Ахьа дуьнен
чохь магийтинарг, Дала магийтина хир ду». 20 Цо
шен мурдашка омра дира, Ша Дала леррина
Къобалвинарг ву аьлла, цхьаьнгге а дIа ма ала
аьлла.

### Iийсас Шен Iожаллех а, денваларх а лаьцна дуьйцу

(Марк 8:31–9:1; Лака 9:22-27; Марк 8:31–9:1)

21 Цу хенахь дуьйна Iийсас Шен мурдашка
дуьйцуш хилла Ша Ярушалайме ваха везарх а,
цигахь Шен баккхийчеран а, динан коьртачу дайн
а, Iеламчу нехан а карах бала хьега безарх а
лаьцна. Цо иштта дуьйцура Ша вийна хила везарх
а, амма кхозлагIчу дийнахь веллачуьра денвала
везарх а лаьцна.
22 Кипа, Иза юьстах а ваьккхина, дуьхьало ян
волавелира: «Дала тIе ма доуьйтийла иза, Веза Эла!
И тайпа хIума Хьуна тIе ма кхочийла!»
23 Кипига юха а вирзина, Цо элира: «ДIадала Суна
уллора, *иблис*! Ахьа Суна новкъарло йо, хьан даг
чохь Делан ойланаш яц, адамийн ойланаш ю».
24 ‡Iийсас Шен мурдашка элира: «Суна
тIаьхьахIотта лууш болчара шайн „со“ бохург
дIататта деза, шайн баланийн мохь ‡† схьа а эцна,
Суна тIаьхьаIитта а беза. 25 ‡‡ХIунда аьлча шен са
кIелхьардаккха воьлларг синах вер ву, ткъа Сан
дуьхьа са дIаделлачунна бакъдолу дахар карор ду.
26 ХIун до кху дуьненах, нагахь санна цо шен са
дайинехь? ХIун до дерриг а дуьненах, нагахь стага
шен са дайина хилча? 27 ‡‡†Адамийн КIант шен Ден
сийлаллица, гонах маликаш а долуш, схьавеача, Цо
стагана хьакъ дIалур ду, хIораммо а динчуьнга
хьаьжжина. 28 Аса баккъалла а боху шуьга: шуна
юкъарчу цхьаболчарна, шаьш кхалхале, Адамийн
КIант гур ву, Шен Олаллица схьавогIуш волу!»

*Маттай 15:34-38.* ‡‡† *16:14 Маттай 14:1, 2; Марк 6:14, 15; Лака 9:7, 8.* † *16:16 Яхьъя 6:68, 69.* †† *16:19 Маттай 18:18; Яхьъя 20:23.* ‡ *16:24 Маттай 10:38; Лака 14:27.* ‡† *Баланийн мохь *– бакъду, грекийн маттахь иштта яздина ду: *жIаран бIогIам.** ‡‡ *16:25 Маттай 10:39; Лака 17:33; Яхьъя 12:25.* ‡‡† *16:27 Маттай 25:31; Забур 61:13; Римхошка 2:6.*

### Iийса хийцавалар

(Марк 9:2-13; Лака 9:28-36)

17 Ялх де даьлча, Iийса, Шеца Кипий, Якъуббий,
цуьнан ваша Яхьъяй схьа а эцна, цаьрца
лекхачу лам тIе хьала а ваьлла, адам доццучу метте
юьстахвелира. 2 Цигахь, царна хьалххахь, Дала
Цуьнан амат хийцира. Iийсан юьхь, малх санна,
къегаш яра, Цуьнан бедарш бIаьрган нур дойуш
кIайн яра. 3 ЦIеххьана церан бIаьрг кхийтира
Iийсаца къамел деш волчу Эли-ЯхIу-пайхамарххий,
Муса-пайхамарххий. 4 Кипас Iийсага элира: «Веза
Эла! Ма дика Iа вай кхузахь! Хьуна лаахь, аса
кхузахь кхо *кхалор* хIоттор ю: цхьаъ Хьуний, цхьаъ
Мусаний, кхозлагIниг Эли-ЯхIуний».
5 ‡‡‡Цо иза олучу юккъехь, лепаш йолу марха тIе а
еана, уьш дIахьулбелира цуьнан IиндагIехь. Мархи
юккъера царна аз хезира: «ХIара ву Суна
дукхавезаш волу Сан КIант! Цуьнгахула бу Сан
лаам! ЛадогIалаш Цуьнга!»
6 И аз шайна хезча, мурдаш, чIогIа кхерабелла,
бертал лаьтта охьаийгира. 7 Iийсас, царна тIе а
веана, царах куьг а Iоьттина, элира: «Ма кхерало,
хьалагIовтта!» 8 Кортош хьалаайича, Iийса воцург,
гонах цхьа а стаг ца гира царна.
9 Уьш лам тIера охьабуьссучу хенахь Iийсас Шен
мурдашка элира: « *Адамийн КIант* веллачуьра
денваллалц цхьаьнгге а шайна гинарг ма
дийцалаш!»
10 §ТIаккха Iийсан мурдаша хаьттира: «Хьалха Эли-
ЯхIу-пайхамар ван веза хIунда олу те Iелам наха?»
11 Iийсас жоп делира: «ХIаъ, Эли-ЯхIус, ван а
веана, массо а хIуманна тIехь низам хIоттор ду.
12 §†Амма Аса боху шуьга, Эли-ЯхIу цкъа веанера
шуна. Нахана иза ца вевзинера. Ткъа цара цуьнца
шайна луъург лелийнера. Цо санна, Адамийн
КIанта а хьоьгур бу бала и нах бахьана долуш».
13 ТIаккха царна хиира Цо вуьйцуш верг нах хих
чекхбоху Яхьъя вуйла.

### Жино хьийзош волу кIант туовар

(Марк 9:14-29; Лака 9:37-43)

14 Iийса адамаш долчу юхавирзича, Цунна
тIевеара цхьа стаг. Цунна хьалха гора а хIоьттина,
цо элира: 15 «Веза Эла! Къинхетам бехьа сан
кIантах! Иза лазар догIуш ву. Цо чIогIа Iазап хьоьгу.
Лазар тIедеъча, иза цIерга а вужу, хи чу а волу.
16 Аса Хьан мурдаш болчу валийнера иза, амма
цаьрга цунна дарба дан ца делира».
17 Iийсас элира: «Галбевлла болу нах! Ва тешар
доцу тукхам! Мел хир ву техьа Со шуна юкъахь?
Мел лан деза техьа Аса шу? Схьавалаве иза Со
волчу!» 18 Iийсас жине, арадала аьлла, омра дира.
Цу сохьта кIант товелира. 19 Iийса Ша волчу хенахь

‡‡‡ *17:5 Доладалар 22:2; Забур 2:7; ЕшаI-ЯхIу 42:1; Маттай 3:17; 12:18; Марк 1:11; Лака 3:22; 2 Кипин 1:17, 18.* § *17:10 Малъаки 4:5.* §† *17:12 Маттай 11:14.*

Цуьнан мурдаша, тIе а баьхкина, хаьттира: «Тхоьга
хIунда ца даккхаделира те и жин ара?»
20 †Цо элира: «Шун Делах тешар кIезиг долу дела.
Аса баккъал боху шуьга: нагахь санна шун Делах
тешар жимачу буьрттигал а белахьара, и лаьтташ
болчу цу ломе аша „ДIахила“ аьлча, иза дIахуьлур
бара. Шуьга да ца луш цхьа а хIума хир дацара» ††.

### Іийсас юха а шен вала везарх а, денвала везарх а лаьцна дуьйцу

(Марк 9:30-32; Лака 9:43б-45)

22 Шаьш цхьаьна Галилай-махка схьадаьхкича,
Іийсас Шен мурдашка элира: «Адамийн КIант нехан
кара дIалур ву. 23 Иза цара вуьйр ву. Амма
кхозлагIчу дийнахь Иза денлур ву».
Цуьнан мурдаш чIогIа гIайгIане ийгира.

### Делан цIенна ял ялар

24 ‡Уьш Іийсаца Къапарнаме кхаьчча, Кипина
тIебаьхкира Делан цIенна ял гулъеш берш. Цара
хаьттира: «Шун устазо Делан цIенна гIуллакхна ял ‡†
лой?»
25 Кипас жоп делира: «Ло!»
Иза а аьлла, Кипа цIа чу вахара. Цо цхьа а дош
алале, Іийсас цуьнга хаьттира: «Хьуна муха хета,
ШамIа: дуьнен чохь болчу паччахьаша ял шайн
махкарчу бахархошкара йоккху, я кхечу махкара
баьхкинчу бахархошкара йоккху?»
26 Кипас элира: «Кхечу махкара баьхкинчу нахера
йоккху».
ТIаккха Іийсас элира: «Делахь хIета церан
бахархой, ял ца луш, кIелхьарбовлу-кх. 27 Амма
кхузара Іедалехь болу нах оьгIаз ца бахийта, ваха а
гIой, чIерий лоцу мIара хи чу а кхоссий, уггар
хьалха айхьа схьалаьцна болчу чIеран бага хьажа.
Цигахь хьуна къастийна ахча карор ду. Иза схьа а
эций, хьайна а, Суна а тIера ял дIало».

### Мурдех лакхарниг мила ву?

(Марк 9:33-37; Лака 9:46-48)

18 ‡‡Іийсана тIе а баьхкина, Цуьнан мурдаша
хаьттира: «Стигалийн Олаллехь уггар лакхара
верг мила ву?»
2 Цо, бер тIе а кхайкхина, мурдашна юккъе иза дIа
а хIоттийна, 3 ‡‡†элира: «Аса баккъалла боху шуьга:
шайн дегнаш цIан а дина, бераш санна дIа ца
хIиттахь, Стигалийн Олалла тIе а лаьцна, шу цкъа а
Делаца хир дац. 4 ХIара бер санна, муьтIахь а
хилла, дIахIоьттинарг Стигалийн Олалла
тIелаьцначарна юкъахь уггар лакхара ву. 5 Сан
дуьхьа иштта цхьа бер тIеоьцучо Со а оьцу тIе».

### Къа латоран бахьанаш

(Марк 9:42-48; Лака 17:1, 2)

6 «Амма Сох тешаш болчу царах лахара волчуьнга
къа латадойтуш волчу хIора стагана, хьеран тIулг
коча а тасийтина, ша хи чу а кхоссийтина, хIорда
буха вахар гIоле ду. 7 Ма декъаза ду-кх дуьне, къа
латоран бахьанаш шена чохь хиларна. Къа
латоран бахьанаш хила дезара, амма декъаза бу
къа лато бахьанаш дохуш болу нах.
8 ‡‡‡Хьан куьйго я кого хьоьга къа латадайта
бахьана даьккхинехь, и куьг я ког, схьа а даккхий,
дIакхосса. ХIунда аьлча ког-куьг а доцуш Далла
гергахь вахар гIоле ду хьуна, ши ког а, ши куьг а
шайн меттехь а долуш, жоьжахатин цIергахь хьо
вагавойтучул. 9 §Хьан бIаьрг бахьана долуш хьох
къа леттехь, иза, схьа а баккхий, дIакхосса. Цхьана
бIаьргаца Далла уллохь вехаш хилар гIоле ду
хьуна, ший а бIаьрг а болуш, жоьжахатин цIергахь
хьо вагавойтучул».

### Байначу уьстагIах лаьцна хьекъале дустар

(Лака 15:3-7)

10 «Варелаш, цхьанна а цу лахара болчарна вас
ма елаш. Аса тоьшалла до шуна, церан маликашна
стигалахь волчу Сан Ден юьхь го аьлла §†.
12 Шуна муха хета? Шен бIе уьстагI берг, царна
юкъара цхьа уьстагI дIакъаьстича, бисина болу
безткъе ткъайоьсна уьстагI шаьш болчохь лам
чохь а битина, и дIакъаьстина уьстагI лаха гIур
вац? 13 Ас баккъалла а боху шуьга: шена
дIакъаьстина цхьа уьстагI схьакарийча, лам чохь
бисинчу безткъе ткъайоьсна уьстагIал оцу цхьана
уьстагIах цуьнан самукъадер ду. 14 Иштта шун
стигалахь волчу Дена а ца лаьа цу лахара болчарах
цхьа а дIакъастийта».

### Къинош летош волу ваша

15 §††«Хьан динан вашас хьуна дуьхьал къа
латадахь, ваха а гIой, шаьшшиъ волчохь шегара
даьллачух иза кхетаве. Цо хьоьга ладогIахь, тIаккха
ахьа цунах юха а хьайн динан ваша во. 16 §‡Амма цо
хьоьга ла ца догIахь, хьайца цхьаъ я шиъ стаг
валаве, хIунда аьлча Йозанаша ма-бохху: „ХIорра а
бехкевар шина я кхаа тоьшалла дечеран багахула
чIагIдийр ду“. 17 Цо цаьрга а ла ца догIахь, динан
гуламе дIадийца. Цо цаьрга а ла ца догIахь, кхечу
къаьмнех болчу нахаца я ял схьагулъеш болчаьрца
санна, юкъаметтиг лелае цуьнца.
18 §‡†Баккъалла а боху Ас шуьга: аша кху дуьнен
чохь дихкина долу гIуллакх стигалахь Дала а
дихкина хир ду. Аша кхузахь нахана пурба лахь,
иза Дала делла пурба санна хир ду.

† *17:20 Маттай 21:21; Марк 11:23; 1 Коринтхошка 13:2.* †† *Цхьадолчу тептарш тIехь аят 21 тIетоьхна ду: *Ткъа хIара тайпа долу хIуманаш доIанций, мархиций дIадаккхалур ду.** ‡ *17:24 Арадаккхар 30:13; 38:26.* ‡† *Делан цIенна гIуллакхна ял *– шарахь цкъа хIора стагана шиъ драхма ахча дала дезара Делан цIенна гIуллакхна.** ‡‡ *18:1 Лака 22:24.* ‡‡† *18:3 Марк 10:15; Лака 18:17.*

‡‡‡ *18:8 Маттай 5:30.* § *18:9 Маттай 5:29.* §† *Цхьадолчу тептарш тIехь Лакин тептар (19:10) тIера схьаэцна долу аят 11 тIетоьхна ду: *Адамийн КIант дайнарг каро а, кIелхьардаккха а веана ма ву.** §†† *18:15 Лака 17:3.* §‡ *18:16 Карлабаьккхинарг 19:15.* §‡† *18:18 Маттай 16:19; Яхьъя 20:23.*

19 Кхин цхьа хIума а эр ду Аса шуьга: шух волчу
шиммо, барт а бина, доIанехь Деле доьхуш хилахь,
цара деххнарг Сан стигалахь волчу Дас
кхочушдийр ду. 20 ХIунда аьлча шиъ-кхоъ стаг Сан
цIарах вовшахкхетахь, цаьрца Со а хир ву».

### КъинтIера ца ваьллачу ялхочух лаьцна хьекъале дийцар

21 †Кипас, Iийса волчу а веана, хаьттира: «Сан Эла!
Вашас суна дуьхьал къа латош хилча, со мосазза
къинтIера вала веза цунна? ВорхIазза вала везий?»
22 ††Ткъа Iийсас цуьнга элира: «Аса боху: иза
ворхIазза хир дац, ворхIазза кхузткъе итт эцча
санна, хир ду. 23 Стигалийн Олалла хIоккхунах тера
хила мега. Цхьа паччахь шен ялхошкара декхар
схьагулдеш хилла. 24 Декхар схьагулдан иза
волавелча, кхунна тIевалийна цхьа ялхо. Иза итт
эзар гали дашо ахча декхарийлахь хилла. 25 Амма и
декхар схьадала цуьнан таро йоцийла хиъча,
паччахьо омра дина, иза цуьнан зудчуьнца а,
берашца а, цуьнан йолчу салпалца а шен декхар
юхадерзорхьама дIавохка аьлла. 26 ТIаккха ялхочо,
шен паччахьна хьалха гора а хIоьттина, дехар
дина: „Ахьа цхьажимма собар дехьа, аса декхар
дIалур ду хьуна!“ 27 Паччахьна ялхочух къахетта. Цо
иза, декхарна къинтIера а ваьлла, дIавахийтина.
28 Ткъа цу ялхочо, шена бIе *динари* дети-ахча
декхарийлахь волчу вукху ялхочунна тIе а вахана,
иза лаг тIера а лаьцна, цуьнан са а дукъош, цо
шена схьадалаза долу декхар схьадийхира: „Схьало
айхьа суна схьадала дезарг!“ – аьлла. 29 ТIаккха цу
ялхочо, хIоккхунна хьалха гора а воьжна, дехар а
деш, элира: „Собар дахьара ахьа, аса хьан дерриг а
декхар дIалур дара“. 30 Амма хьалхарчу ялхочо
цуьнга ла ца дуьйгIира. Цо иза шен декхар
схьадаллалц набахти чу воллийтира. 31 И хIума
гина болчу ялхоша шайна гинарг, эла волчу дIа а
бахана, дIадийцира. 32 Эло, и ялхо тIе а кхайкхина,
цуьнга элира: „Сий доцу лай! Ахьа дехар дича, аса
сайн дерриг а декхар, къинтIера а ваьлла, хьуна
дитира. 33 Ткъа ахьа а мегар дацара хьо санна
волчу хьайн накъостах къинхетам бан, аса хьайх
ма-барра?“ 34 ОьгIазваханчу эло омра дира, ницкъ а
беш, иза набахти чохь латтаве, цо дерриг а декхар
схьадаллалц, аьлла.
35 Иштта хир ву шуьца Сан Стигалара Да а, шу
даггара шайн вешина къинтIера ца довлахь».

### Стага зуда дIаяхийтарх лаьцна хьехам
(Марк 10:1-12)

19 Шен къамел чекхдаьллачул тIаьхьа Iийса,
Галилай-махкара дIа а вахана, ЯхIуд-махкарчу
Йордан-хина дехьарачу агIонгахь йолчу метте
веара. 2 Цунна тIаьхьа хIоьттина лелаш адамийн
тобанаш яра, Цо царна цигахь дарбанаш а дира.

† 18:21, 22 Лака 17:3, 4. †† 18:22 Доладалар 4:24.

3 ТIаккха Iийсана тIе *парушхой* баьхкира, Иза
зерхьама. Цара хаьттира: «Бакъонехь нийса хир
дуй муьлххачу бахьанехь а стаг шен зудчух
дIасакъастар?»
4 ‡Iийсас жоп делира: «Аша ца дешна Кхоьллинчо
и шиъ юьхьанца стаггий, зудий кхоьллина хиларх
лаьцна? 5 ‡‡Цигахь аьлла ду:
„Иза бахьана долуш, шен дай-наний а дитина,
стаг шен зудчуьнца цхьаьнакхетар ву.
ТIаккха и шиъ цхьаъ хир ду“.
6 ХIинца уьш шиъ доцуш, цхьаъ санна долу дела,
цхьаммо а къаста ма дойла Дала
цхьаьнатоьхнарг!»
7 ‡‡‡ТIаккха цара Цуьнга хаьттира: «Ткъа Мусас тIе
хIунда диллина, дIасакъастарх лаьцна йозанца
дина долу тоьшалла зудчуьнга дIа а лой, цуьнца
дIасакъаста аьлла?»
8 Iийсас цаьрга элира: «Шун дегнаш къиза долу
дела елла шуна Мусас зудчуьнца дIасакъаста
бакъо. Амма дуьххьара иштта ца хилла. 9 ‡‡‡Ткъа Аса
боху шуьга: зуда сийсаза лелар бахьана а доцуш,
кхин хIума бахьана долуш иза йита а йитина, шена
кхин зуда ялийна волу стаг, ямартло еш ву».
10 Мурдаша Цуьнга элира: «Майрачун зудчунна
хьалха долу декхарш иштта делахь, цунна зуда а ца
ялош Iер гIолехь ду».
11 Ткъа Цо элира: «Дала шена деллачунна чохь
бен тарлур дац Сан дешнаш ‡‡‡. 12 Цхьаберш шаьш
дуьнен чу бовллушехь ваьIна стаг санна хуьлу,
вуьш – нах бахьанехь хуьлу иштта, ткъа
кхозлагIнаш Стигалийн Олалла бахьана долуш зуда
ца ялош соцу. Шена и хьехам чохь тарлочунна иза
чохь тарлойла».

### Iийсас бераш декъалдо
(Марк 10:13-16; Лака 18:15-17)

13 Iийса волчу бераш далийра, царна тIе куьйгаш
а дехкина, Цуьнга доIа дайтархьама. Амма Цуьнан
мурдаш резабоцуш, бераш далош баьхкинчарах
бехкаш дохуш, луьйш бара. 14 Iийсас элира: «ХIара
бераш тIедахкийта Суна, царна дуьхьало ма е,
хIунда аьлча Стигалийн Олалла тIелаьцнарш уьш
санна бу».
15 Царна тIе куьйгаш а дехкина, Цо уьш
декъалбира. Цул тIаьхьа Иза цигара дIавахара.

### Хьалдолу стаг
(Марк 10:17-31; Лака 18:18-30)

16 Цхьана стага, Iийсана тIе а веана, хаьттира:
«Устаз, муьлха дика болх бан беза аса Дела
волчохь хедар доцучу дахаре со нисвалийта?»
17 Iийсас цуьнга элира: «Соьга хIунда хоьтту ахьа,
диканиг муьлха ду бохуш. Цхьаъ бен вац Диканиг.

‡ *19:4 Доладалар 1:27; 5:2.* †† *19:5 Доладалар 2:24.* ‡‡ *19:7 Карлабаьккхинарг 24:1-4; Маттай 5:31.* ‡‡† *19:9 Маттай 5:32; 1 Коринтхошка 7:10, 11.* ‡‡‡ *Цу аятан важа маьIна иштта мегар дара: *Шена Дала деллачо бен тIелоцур дац Сан дешнаш.**

Ткъа хьо Дела волчохь хьайн дахар нисдалийта
лууш велахь, хьайна тIедиллина парзаш
кхочушде».
[18] †Жимачу стага хьаттира: «Муьлха парзаш?»
Iийсас жоп делира: «Адам ма де, нахаца ма лела,
къола ма де, харц тоьшалла ма де, [19] ††дай-наний а
лара, хьайн уллораниг хьо санна веза».
[20] Жимачу стага Цуьнга элира: «Иза шадерг а аса
кхочушдина, кхин хIун оьшу суна?»
[21] Iийсас жоп делира: «Кхачамалла йолуш хьо
хила лууш велахь, ваха а гIой, хьайн мел долу
хIума дIа а дохкий, къечарна дIасадекъа, тIаккха
стигалахь жовхIар хир ду хьан. ТIаккха, схьа а
волий, Суна тIаьхьахIотта».
[22] И дешнаш шена хезча, жима стаг, гIайгIане а
воьжна, дIавахара, хIунда аьлча иза чIогIа хьал
долуш вара.
[23] Шен мурдашка Iийсас элира: «Баккъалла а боху
шуна Аса: хала ду хьалдолчунна, Стигалийн Олалла
тIе а лаьцна, Далла уллохь хила. [24] Кхин цхьаъ а эр
ду Аса шуьга: эмкална механ Iуьргахула чекхъяла
атта ду, хьалдолчунна, *Делан Олалла* тIе а лаьцна,
Далла уллохь хуьлучул».
[25] Мурдаша, иза шайна хезча, чIогIа цец а бевлла,
хьаттира Цуьнга: «Ткъа мила ваккхалур ву
кIелхьара?»
[26] Цаьрга а хьаьжна, Iийсас элира: «Адамашка иза
кхочушдалур дац, амма Деле дан а ца луш хIумма а
дац».
[27] Кипас Цуьнга элира: «Хьажахьа! Дерриге Iадда а
дитина, Хьуна тIаьхьа хIиттина-кх тхо. Тхоьга хIун
кхочур ду?»
[28] ‡Iийсас цаьрга элира: «Баккъалла а боху Аса
шуьга: керла дуьне дIа а хIоттийна, *Адамийн КIант*
Шен сийлахьчу паччахьан гIанта тIе охьахуун
волчу хенахь, Суна тIаьхьахIиттина шу а цигахь
хир ду. Исраилан халкъана юкъарчу шийтта
тайпанна кхел а еш, шу шийтта паччахьийн
гIанташна тIе охьаховшур ду. [29] Сан дуьхьа шен цIа,
я вежарий-йижарий, я да а, нана а, я бераш, я шен
бахам битина волчу стеган хьал бIозза дукха
стамлур ма ду, ткъа Дела волчохь хедар доцу дахар
а хуьлуьйтур ду цуьнан. [30] ‡†Амма хIинца хьалхе
йоккхуш болу дукххахберш тIаьхьара хир бу, ткъа
тIаьхьарнаш хьалхара хир бу».

## Кемсийн бешара белхалой

20 «ХIунда аьлча Стигалийн Олалла иштта ду.
Шен долахь латта а долуш, Iуьйранна
сахуьлучу хенахь шен кемсийн бешахь болх байта
белхалой лаца вахана цхьа стаг. [2] Цхьа динари ‡‡
ахча лур ду аьлла, цаьрца барт а бина, цо уьш шен
кемсийн беша дIахьажийна. [3] Iуьйранна исс сахьт
даьлча, базаран майданахула тIехволуш, цунна
гина цхьа а хIума а ца деш лаьтташ волу масех стаг.
[4] Цо цаьрга аьлла: „Дуьйло, сан кемсийн бешахь
болх бе, аса шуна бала беззаш болу мах дIалур бу“.
[5] Уьш дIабахана. Де делкъе даьлча а, юха делкъал
тIаьхьа кхо сахьт даьлча а, базаран майдане а
вахана, оцу стага нах кемсийн беша болх бан
бахийтина. [6] Суьйранна пхи сахьт даьлча иза
майдана веача а, гина цунна деш хIума а доцуш
лаьтташ болу нах. Цо цаьрга хаьттина: „Шу хIунда
лаьтта кхузахь, деш-дуьтуш хIума а доцуш?“ [7] Цара
жоп делла: „Тхо цхьаммо а болх бан тIе ца лаьцна
дела лаьтта-кх“. ТIаккха цо цаьрга аьлла: „Шу а гIо
сан кемсийн беша болх бан“.
[8] ‡‡†Суьйре тIекхаьчча, беш йолчу дас ша
белхалошна тIехьажа хIоттийначуьнга элира:
„Белхалой схьа а кхайкхий, царна алапа дIало –
тIаьхьара болчарна тIера дIадоладай,
хьалхарчарна тIекхаччалц“. [9] Пхи сахьт даьлча цо
схьахьажийнарш схьабаьхкича, царна цхьацца
динари ахча делла. [10] Хьалхха цо тIелаьцна
болчарна, шайна алсам ахча дала деза аьлла
хетташехь, царна а делла цхьацца динари. [11] Ахча
схьаэцначул тIаьхьа уьш, хьолахочунна
резабоцуш, къамелаш дан буьйлабелла. [12] Цара
бохуш хилла: „Уггар тIаьхьа баьхкинчара цхьана
сахьтехь бен болх ца бина, ткъа уьш тхоьца
дIанисбина. Ткъа дукхах болу болх оха бина,
дийнахь сарралц малхан тов а ловш“. [13] Царах
волчу цхьаьнга хьоладас аьлла: „ХIей къонах, аса
хьоьца хьарамло ма ца йина. Вайшиммо бина барт
ма бара, ахьа цхьана динарих болх бийр бу аьлла.
[14] Хьайна догIуш долу ахча дIа а эций, дIагIо хьайн
новкъа. Ткъа суна тIаьхьо баьхкинчарна а хьуна
деллачул ахча дала лаьа. [15] Сайн бахамах сайна
луъург дан йиш йолуш вац со? Сан комаьрша
хилар бахьана долуш ю хьан соьца йолу хьагI?“
[16] ‡‡‡Иштта тIаьхьарнаш хьалхара хир бу, ткъа
хьалхе йоккхуш берш тIаьхьара хир бу».

## Iийсас кхозлагIа а Шен Iожаллех а, Ша денлург хиларх а лаьцна дуьйцу

(Марк 10:32-34; Лака 18:31-34)

[17] Ярушалайме боьдучу новкъахь Iийсас Шен
шийтта мурде, юьстаха а ваьккхина, элира:
[18] «ЛадогIа Соьга. Вай Ярушалайме доьлхуш ду.
Цигахь *Адамийн КIант* динан коьртачу дайшкий,
Iеламчу нахей дIалур ву. Цара Иза вен кхел йийр ю.
[19] ТIаккха Иза хийрачу къаьмнийн нахе
сийсазваккхийта дIалур ву. Цара Иза жIарах
дIатухур ву. КхозлагIчу дийнахь Иза денвийр ву».

*† 19:18 Арадаккхар 20:13; Карлабаькххинарг 5:17; Арадаккхар 20:14; Карлабаькххинарг 5:18; Арадаккхар 20:15; Карлабаькххинарг 5:19; Арадаккхар 20:16; Карлабаькххинарг 5:20. †† 19:19 Арадаккхар 20:12; Карлабаькххинарг 5:16; Iамалъяр 19:18. ‡ 19:28 Маттай 25:31; Лака 22:30. ‡† 19:30 Маттай 20:16; Лака 13:30. ‡‡ Динари *– цхьана дийнахь болх бича луш долу дато ахча.**

*‡‡† 20:8 Iамалъяр 19:13; Карлабаькххинарг 24:15. ‡‡‡ 20:16 Маттай 19:30; Марк 10:31; Лака 13:30.*

### Якъубан а, Яхьъян а дехар
(Марк 10:35-45)

[20] Цу хенахь шен кIенташца Зевадин зуда тIееара
Цунна. Гора а хIоьттина, Цуьнга дехарца
йистхилира иза.
[21] Iийсас цуьнга хьаттира: «Хьуна хIун оьшу?»
Цо жоп делира: «Суна чIагIо ехьа, Хьан
Паччахьаллехь хIара сан ши кIант Хьайна юххехь
охьахуур ву аьлла. Цхьаъ Хьуна аьтту агIор, важа
аьрру агIор охьахаавехьа».
[22] Амма Iийсас элира: «Шаьш хIун доьху а ца хаьа
шуна. Аса молу къаьхьа кад малалур буй те шуьга?»
«Бу», – элира цара.
[23] Ткъа Iийсас цаьрга элира: «Аса молу къаьхьа
кад-м мер бу аша. Амма Суна аьтту агIор, я аьрру
агIор охьахаар – иза Сан карахь дац. Сан Дас и
меттигаш цхьаболчу нахана кечйина, уьш хила
еззачеран хир ю».
[24] Иза шайна хезча, висина итт мурд оьгIазвахара
цу шинна. [25] †Амма Iийсас, уьш Шена тIе а
кхайкхина, элира цаьрга: «Шуна хууш ма ду, кхечу
къаьмнийн куьйгалхоша шайн адамашна тIехь
олалла дойла а, ткъа лакхара хьалдолчу наха уьш
бацабойла а. [26] ††Амма шуна юкъахь хила ца деза
иштта. Шух уггар лакхара хила лууш верг шун ялхо
хила веза. [27] Шух хьалхара хила лууш верг шун лай
хила веза. [28] Адамийн КIант а ма ца веана Шена
хьалхара гIуллакх дайта. Иза нахана гIуллакх дан а,
Шен дахар дIадала а веана, дукххаболчеран
къинош дIатакхархьама».

### Iийсас бIаьрзе ши стаг туовар
(Марк 10:46-52; Лака 18:35-43)

[29] Iийсай, Цуьнан мурдашший Ерихон-гIалара
дIабоьлхучу хенахь, царна тIаьхьа лелаш адамийн
тобанаш яра. [30] Некъа йистехь хиъна Iаш волу
бIаьрзе ши стаг, Iийса уллохула тIехволуш шайна
хаавелча, мохь а тухуш, вистхилира: «Къинхетам
бехьа тхох, Веза Эла, *Даудан КIант*!»
[31] Тобанна юкъара нах, гIовгIа ма е а бохуш, вуьш
чехо хIоьттича, цара кхин а чIогIа мохь хьаькхира:
«Веза Эла! Даудан КIант! Къинхетам бехьа тхох!» –
аьлла.
[32] ТIаккха Iийсас, саца а сецна, уьш Шена
тIекхайкхира. Цо цаьрга хьаттира: «Аса хIун дойла
лаьара шуна?»
[33] Цара Цуьнга элира: «Эла! Тхуна тхан бIаьргаш
схьаделладала лаьара».
[34] Царах къа а хетта, Iийсас церан бIаьргех куьг
Iоьттира. Церан бIаьрса цу сохьта схьадеара. И ши
стаг Цунна тIаьхьахIоьттира.

† 20:25, 26 Лака 22:25, 26. †† 20:26, 27 Маттай 23:11; Марк 9:35; Лака 22:26.

### Iийса декъалварца Ярушалайма чувар
(Марк 11:1-11; Лака 19:28-40; Яхьъя 12:12-19)

21 Ярушалаймана улло а баьхкина, *Зайт-
диттийн* ломана уллохь Iуьллуш йолчу Бет-
Паге шаьш кхаьчча, Iийсас Шен мурдех шиъ
вахийтира, [2] хьехар а дина: «Шайна хьалха Iуьллуш
йолчу юьрта а гIой, уллохь вирбекъа а йолуш,
дIайихкина йолу вир шайна гича, иза схьа а ястий,
уьш а ялош, Суна тIе схьадуьйла. [3] Шайга цхьаммо
хаттахь, аша ала деза: „Уьш Элана оьшуш ю. Цо
уьш сихха юха схьаялайойтур ю“».
[4] И шадерг а хилла пайхамарехула аьлла хилларг
кхочушхилийтархьама:
[5] ‡«ДIаала Цийонан йоIе:
„Хьажал, хьан Паччахь ву хьо йолчу тIевогIуш!
Цуьнан эсала амал ю.
Иза вирана тIехиъна вогIу,
боьршачу вирбокъана тIехиъна вогIу!“»
[6] Цуьнан мурдаша, бахана, Цо аьлларг
кхочушдира. [7] Цара виррий, вирбекъий
схьаялийра, царна тIе шайн бедарш а ехкина.
ТIаккха Iийса цу бедаршна тIехула вирана
тIехиира. [8] Адамийн тобанна юкъахь болчара шайн
бедарш некъа тIе охьатуьйсура, вукхара диттийн
гаьннаш, схьа а хедош, некъа тIе охьадохкура.
[9] ‡†Цунна хьалха а, тIехьа а адамийн тобанаш яра.
Цара, мохь а бетташ, бохура: «Хастам бу Даудан
КIантана! Декъал хуьлда Везачу Элан цIарах вогIуш
Верг! ХIашанна! ‡‡ Хастам бу стигалшкарчу Веза
Воккхачу Далла!»
[10] Иза Ярушалайме чувеача, ерриг а гIалара
адамаш синтем байна дара, цара вовшашка
хоьттура: «Иза мила ву?»
[11] Адамийн тобанна юкъара царна жоп делира:
«Галилай-махкахь йолчу Назарт-гIалара Iийса-
пайхамар ву», – аьлла.

### Делан цIийнан керт цIанъяр
(Марк 11:15-19; Лака 19:45-48; Яхьъя 2:13-22)

[12] Iийсас, Делан цIийнан керта а вахана, цигахь
йохкаэцар лелош мел верг аралаьллира. Цо
ахчанаш хуьйцучеран *гIопастанаш* а, кхокхий
духкучеран гIанташ а харцийра. [13] ‡‡†Цо элира:
«Яздина ду:
„Сан цIа доIанаш ден цIа олуш хир ду“.
Ткъа аша кхунах „зуламхойн бен“ бина».
[14] Делан цIийнан кертахь волчу Цунна тIеэха
буьйлабелира бIаьрзенаш, астагIнаш. Цо уьш
тобира. [15] Динан коьртачу дайшний, Iеламчу
наханий Цо лелош долу тамашийна хIуманаш гича
а, Делан цIийнан кертахь бераша детта маьхьарий:
«Хастам хуьлда Даудан КIантана!» – бохуш шайна

‡ *21:5 Закри-ЯхIу 9:9.* ‡† *21:9 Забур 117:25, 26.* ‡‡ *ХIашанна *– иза «кIелхьардаха хIинца!» бохург ду, ткъа цу меттехь «Далла бу хастам» бохучух терра ду.** ‡‡† *21:13 ЕшаI-ЯхIу 56:7; Ярми-ЯхIу 7:11.*

хезча а, уьш карзахбевлла хьаьвзира. [16] [†]Цара
Іийсага хьаттира: «Хьуна хезий цара бохург?»
Іийсас жоп делира: «Хеза. Аша цкъа а ца дешна:
„Кегийчу берийн а, декхаш долчу берийн а
багахула
бойтур бу Ахьа хастамаш"?»
[17] Цигара дІа а ваьлла, Іийса Бет-ХІине вахара.
Буьйса цигахь яьккхира Цо.

## Комарийн диттана сардам боллар

(Марк 11:12-14, 20-24)

[18] Іуьйранна гІала юхавогІучу хенахь Іийса
мацвеллера. [19] Некъан йистехь ша лаьтташ долу
комаран дитт а гина, Иза цунна тІевахара. Амма
цунна тІехь, гІаш доцург, цхьа а стом бацара.
ТІаккха Цо дитте элира: «Цкъа а цхьа а стом ма
латабойла хьуна тІе!» Комаран дитт цу сохьта
дакъаделла дІахІоьттира.
[20] И сурт шайна гича, Кхуьнан мурдаша, чІогІа
цец а бевлла, хьаттира: «И комаран дитт муха
дакъадели сел сиха?»
[21] [††]Іийсас цаьрга жоп делира: «Аса баккъалла а
боху: шун, шеко а йоцуш, чІогІа тешар делахь,
шуьга хІокху комаран диттана хилларг дан ницкъ
кхаьчна а ца Іаш, аша и лаьтташ болчу ломе:
„Хьала а балий, хІордана чу кхоссало", – алахь, иза
а кхочуш хир ду. [22] Аша доІанехь Делах тешарца
доьхуш мел дерг а кхочуш хир ду».

## Іийсан олалла шеконе диллар

(Марк 11:27-33; Лака 20:1-8)

[23] Иза, Делан цІийнан керта а веана, нах Іамош
волчу хенахь динан коьртачу дайша а, къаноша а,
Кхунна тІе а баьхкина, хьаттира: «Муьлхачу
бакъонца ду Ахь деш дерг? Хьан елла Хьуна и
бакъо?»
[24] Іийсас цаьрга жоп делира: «Аса а дийр дара
шуьга цхьа хаттар. Цунна аша жоп лахь, тІаккха Аса
а эр ду шуьга, хьенан бакъонца деш ду и дерриг а.
[25] Яхьъяс адамаш хих чекхдахар мичара дара?
Стигалара дара я Адамашкара дара?»
ТІебаьхкинарш вовше барт бан хІиттира: «Нагахь
вай: „Стигалара яра", алахь, Цо хоттур ду: „Цунах
хІунда ца тийшира шу?" – аьлла. [26] Амма нагахь:
„Адамашкара яра", – алахь, нахера кхерам бу
вайна, хІунда аьлча Яхьъя цара пайхамар лоруш
ву». [27] Іийсана цара жоп делира: «Тхуна ца хаьа», –
аьлла.
ТІаккха Цо цаьрга элира: «Ас а эр дац шуьга,
муьлхачу бакъонца деш ду Айса деш дерг».

## Шина кІантах лаьцна хьекъале дийцар

[28] «Шуна муха хета? Цхьана стеган ши кІант
хилла. Цо, хьалхарчунна тІе а вахана, элира: „КІант,
тахана ваха а гІой, сан кемсийн бешахь болх бе".
[29] КІанта элира: „Суна ца лаьа". Амма иза, ойла
йинчул тІаьхьа метта а веана, болх бан вахара.
[30] ТІаккха дас, важа кІант волчу а вахана, вукхуьнга
а изза элира. ШолгІачу кІанта жоп делира: „ГІур ву".
Амма иза болх бан ца вахара. [31] Муьлхачо
кхочушдина шайн ден дехар?»
Цара элира: «Хьалхарчо».
ТІаккха Іийсас элира: «Баккъалла а боху Аса
шуьга: ял гулъешбершший, нахаца лелаш болу
зударий *Делан Олалла* шул хьалха тІелоцуш бу.
[32] [‡]ХІунда аьлча Яхьъя шу долчу Делан лаамехь
болчу новкъахула веара, амма шу цунах ца
тийшира. Ял гулъешберш а, хьарам новкъахула
лелаш болу зударий а цунах тийшира. Амма шу,
шайна дерриг а гиначул тІаьхьа а, метта ца
даьхкира цунах тешархьама».

## Кемсийн беш лелорхочух лаьцна хьекъале дийцар

(Марк 12:1-12; Лака 20:9-19)

[33] [‡†]«ЛадогІалаш кхин а цхьана хьекъалечу
дийцаре. Цхьана шен долахь латта долчу стага
кемсаш йийна хилла. Цу бешана гонах керт а йина,
кертахь мутт даккха ор а кечдина, Іуналлина бІов а
хІоттийна цо. Уьш лело белхалой а лаьцна, цІера
ваьлла хилла иза. [34] Кемсаш схьагулъян хан
тІекхаьчначу хенахь, цо кемсаш лелош берш болчу
шен ялхой бахийтина шена догІу дакъа схьаэца.
[35] Амма цара, кхо бахкийтина болу нах схьа а
лаьцна, царах цхьанна чІогІа йиттина, важа вийна,
ткъа кхозлагІниг, тІулгаш диттина. [36] ТІаккха цо
кхин а хьалха бахийтинчул сов ялхой бахийтина.
Цаьрца а изза „гІиллакх" хІоттийна
кемсашлелорхоша. [37] Эххар а цо шен кІант
вахийтира, олуш: „Сан кІанте-м ларам хир ма бу
церан". [38] Шайна кІант гича, цара вовшашка элира:
„Иза хин олу хІусамда ву. Иза вен а вийна, цунна
кхочу болу бахам вай ваьшна бита беза". [39] Цунна
тІе а кхетта, кемсийн бешара иза ара а ваьккхина,
цара иза вийна.
[40] Шуна муха хета, хІун дийр ду кемсийн беш
йолчу дас, ша цига веача?»
[41] Цара Іийсага элира: «Цо уьш, къа ца хеташ,
хІаллакбийр бу, ткъа кемсийн беш кхечаьрга йолах
болх бан тІелоцуьйтур ю, шена догІуш долу дакъа,
хан тІекхаьчча, схьалун долчаьрга».
[42] [‡‡]Іийсас цаьрга элира: «Аша ца дешна Делан
Йозанашна тІехь дерг:
„ГІишло еш пхьераша дІакхоьссина тІулг
цІийнан сонан йистехь коьрта тІулг хилла,
дІахІоьттина.
Иза Везачу Эло дина ду,
вайна гергахь и чІогІа инзаре а ду!"
[43] Цундела Аса боху шуьга: Делан Олалла,
шуьгара схьа а даьккхина, цунах Далла пайда бийр
болчу нахе дІалур ду. [44] Цу тІулга тІе охьавоьжнарг

† *21:16 Забур 8:3 (Грекийн).* †† *21:21 Маттай 17:20; 1 Коринтхошка 13:2.*

‡ *21:32 Лака 3:12; 7:29, 30.* ‡† *21:33 ЕшаІ-ЯхІу 5:1, 2.* ‡‡ *21:42 Забур 117:22, 23.*

аталур ву, ткъа и тIулг цхьанна тIебоьжча, цо иза
хьошур ву».
45 Шайна Цо дуьйцург хезча, динан коьрта дай а,
*парушхой* а кхийтира, Цо дуьйцурш шаьш дуйла.
46 Иза схьалаца дагадеара царна, амма Iийса
пайхамар лоруш болчу нахах уьш и дан ца
хIуьттура.

### Доккхачу тойнах лаьцна хьекъале дийцар
(Лака 14:15-24)

22 Iийсас юха а царна цхьа хьекъале дийцар
далийра. Цо элира: 2 «Стигалийн Олаллехь
иштта ду. Цхьана паччахьо шен кIантана зуда ялош
той кечдина. 3 Цо шен ялхой бахийтина хилла,
хьалхxe кхайкхина хиллачу хьешашка тойне
схьадуьйла аьлла, амма вукхарна цига бахка ца
лиъна. 4 Цо юха а ялхой бахийтина хьешашка
дIаала: „ЛадогIалаш. Той дIадахьа мел оьшуш дерг
долуш ду. Дустийна долчу бежанашна урс а
хьаькхна, шадерг а кийча ду. Дуьйлийша зуда
ялочохь хIоттийначу тойне“. 5 Амма хIокхара
кхайкхина болчу хьешашна цига бахка ца лиъна,
уьш шайн гIуллакхашка маьI-маьIIе дIасабевлла.
Цхьаъ шен кха тIе болх бан вахана, важа шен
йохкаэцар лело вахана, 6 ткъа вукхара, паччахьан
ялхой схьа а лаьцна, уьш бала боллалц йиттина
охьабехкина. 7 Паччахь чIогIа оьгIазвахана. Цо,
шен эскархой а бахийтина, шен ялхой байинарш
байийтина, церан гIала а ягийна. 8 ТIаккха цо шен
ялхошка элира: „Дерриг а кийча ду той дIадахьа.
Амма тойне кхайкхинарш кхуза бахка хьакъ долу
нах ца хилла. 9 Даха а гIой, хIора некъ галморзаха
болучу меттера нах схьакхайкха со волчу“.
10 Ялхоша, баха а бахана, массо а меттера нах
схьакхайкхина. Царна юкъахь дика нах а, вон нах а
хилла. Хьешийн цIа хьаладуьзна хилла цара.
11 Паччахь уьш болчу араваьлча, хьешашна
юкъахь цунна гира цхьа стаг, тIехь тойне воьдуш
юхуш йолу бедарш а йоцуш. 12 Паччахьо цуьнга
хаьттира: „ХIей къонах, хьо муха кхаьчна кхуза цу
бедаршца?“ Важа вист ца хилла. 13 †ТIаккха
паччахьо шен ялхошка омра дира: „Иза, схьа а
лаций, ког-куьг дIа а дехкий, Iаьржачу боданечу
метте чукхосса. Цигахь белхар а, цергаш хьекхор а
ду“.
14 Кхайкхинарш дукха бу, амма царна юкъахь
хаьржинарш кIезиг бу».

### Паччахьна ял яларх лаьцна
(Марк 12:13-17; Лака 20:20-26)

15 ТIаккха *парушхой*, ара а бевлла, шайна юкъахь
барт беш хилла, Iийса дош харцдаьллачу меттехь
муха лоцур вара техьа бохуш. 16 Цара шайн мурдаш
бахийтина Иза волчу, царах хIародхой а тоьхна.
Мурдаша Iийсага элира: «Устаз! Тхуна хаьа Ахьа
бакъдерг дуьйцийла а, Далла тIе боьду некъ нийса
хьоьхийла а. Наха Хьайна олучух гIайгIа беш а вац

† 22:13 Маттай 8:12; 25:30; Лака 13:28.

Хьо, хIунда аьлча Хьо стеган дарже ца хьожу.
17 Алахьа тхоьга, Хьуна хIун хета, нийса дуй те
римхойн паччахьна ял ялар я дац?»
18 Iийсана хууш яра церан ямарта ойланаш,
цундела Цо элира: «Шалхончаш! Со стенна зоь аш?
19 Схьагайта Суна шаьш йолана луш долу ахча».
Цунна дато *динари-ахча* схьадеара. 20 ТIаккха Цо
хаьттира: «Хьенан сурт ду кху тIехь диллинарг,
хьенан цIе ю язйинарг?»
21 Цара элира: «Римхойн паччахьан».
ТIаккха Iийсас цаьрга элира: «Делахь, паччахьна
паччахьна доггIург дIало, Далла – Далла доггIург».
22 Шайна иза хезча, уьш, цец а бевлла, дIабахара.

### Денваларх лаьцна
(Марк 12:18-27; Лака 20:27-40)

23 ††Цу дийнахь ХIара волчу *садукъой* баьхкира.
Уьш ца тешара велла стаг денваларх. Цара Цуьнга
хаьттира: 24 ‡«Устаз, Мусас Iамадора: бер доцуш
волу стаг велча, цуьнан вашас цунах йисина йолу
зуда шена ерзор ю, ткъа цо дина долу бераш
веллачун тIаьхье санна лору. 25 Цхьана хенахь
кхузахь Iаш ворхI ваша вара. Царах воккхаха волчо
зуда ялийра. Шен бераш хилале иза валар бахьана
долуш, цуьнан зуда шозлагIа волчу вешина йисира
‡†. 26 Изза хIума шозлагIчу а, кхозлагIчу а вешица
хилира. Иштта ворхIе а ваша велла дIавелира.
27 Царал массарал а тIаьхьа зуда елира. 28 Масала,
нах беллачуьра денлучу дийнахь цу ворхI веших
муьлхачун зуда хилла дIахIуттур ю иза? Уьш
шаберш а цуьнца Iийна ма бу».
29 Iийсас жоп делира: «Шу тилла, хIунда аьлча
*Делан Йозанаш* ца хаьа шуна, Делан ницкъ а ца
бевза шуна. 30 Беллачуьра денлучу заманахь наха
зударий а балор бац, я уьш маре а гIур бац.
Стигаларчу маликех тарлур бу уьш. 31 Ткъа
беллачуьра денбаларх лаьцна аьлча, аша ца
дешна Дала шайга аьлларг: 32 ‡‡„Со ИбрахIиман а,
Исхьакхан а, Якъубан а Дела ву“? Иза беллачеран
Дела вац, дийначеран Дела ву!»
33 Шайна и хьехам хезча, нах чIогIа цецбевлира.

### Муьлха ду Дала тIедиллинчу гIуллакхех коьртаниг?
(Марк 12:28-34; Лака 10:25-28)

34 Цо садукъой Шен жоьпаца ала хIума а доцуш
битина хилар шайна хиъча, парушхой цхьаьна
гулбелира. 35 Царах волчу цхьана Iеламчу стага,
Iийса зерхьама, Цуьнга хаьттира: 36 «Устаз,
товратан хьехамашна тIехь уггар хьалха
тIедиллина долу гIуллакх муьлха ду?»
37 ‡‡†Цо жоп делира: «„Хьайн Веза Дела доггах,
доллучу синца, дерриг а хьекъалца веза“. 38 Иза
уггар хьалхара, уггар лакхара тIедиллина гIуллакх
ду. 39 ‡‡‡Цунах терра шолгIа тIедиллинарг а ду:

†† *22:23 Векалийн 23:8.* ‡ *22:24 Карлабаьkkхинарг 25:5.*
‡† *...цуьнан зуда шозлагIа волчу вешина йисира *– иштта
хIетахьлерчу Iедалехь хилла.** ‡‡ *22:32 Арадаккхар 3:6.* ‡‡†
*22:37 Карлабаьkkхинарг 6:5.* ‡‡‡ *22:39 Iамалъяр 19:18.*

„Хьайн уллораниг хьо санна веза“. 40 †Товрат тIера
бина берриге а хьехамаш а, пайхамарша яздина
дерриге а Дала тIедиллинчу оцу шина гIуллакх
тIехь латташ ду».

### Дала леррина Къобалвинчух лаьцна хаттар
(Марк 12:35-37; Лака 20:41-44)

41 ТIаккха Iийсас схьагулбеллачу парушхошка
хьаттира: 42 «ХIун ойланаш йо аша Дала леррина
Къобалвинчух лаьцна? Хьенан КIант ву Иза?»
Цара Цуьнга элира: « *Даудан КIант* ву».
43 Iийсас цаьрга элира: «Делан Сино
иракарахIоттийна волчу Дауда хIунда олу Цунах
„Хьалдолу Эла“? Цо ма олу:
44 ††„Везачу Эло аьлла сан Хьалдолчу Эле:
‘Суна аьтту агIор охьахаа,
Аса Хьан мостагIий Хьан когашка охьабаххкалц’“.
45 Дауда „Хьалдолу Эла“ ву аьлла, Цуьнан цIе
йоккхуш хилча, Иза муха хир ву Даудан кIант?»
46 Цхьаммо а, цхьа дош аьлла а, жоп ца делира
Цунна дуьхьал. ХIетахь дуьйна схьа Iийсага цхьа а
хаттар дан ца хIуттура уьш.

### Парушхойн а, Iеламчу нехан а гIалатех адамаш лардар
(Марк 12:38, 39; Лака 11:43, 46; 20:45, 46)

23 ТIаккха Iийса халкъаций, Шен мурдашций
къамел дан волавелира. 2 Цо элира: «Iеламчу
нахана а, парушхошна а бакъо елла Мусан товрат-
хьехамах нах кхето. 3 Цу тайпана, цара дан деза
бохург дерриг а кхочушде, амма уьш санна ма
лела, хIунда аьлча цара дан деза олу, ткъа шаьш и
гIуллакхаш дан а ца до. 4 Цара чIогIа хала парзаш
хIиттадо. Уьш кхочушдан чIогIа хала ду. И парзаш
нахана тIе а дехкина, уьш цаьрга дIакхехьийта
гIерта. Ткъа шаьш пIелг меттахбаьккхина а хIума
дан лууш бац. 5 ‡Цара шаьш деш долу дика нахана
гайтархьама до: *Делан Йозанаш* тIеяздина йолу
церан хьаьжнаш тIе йоьхкург кхечерачул шорлуш
ю, ткъа обанаш тIера чечакхаш яхлуш ю. 6 Царна
уггар сийлахь йолу меттигаш еза тойнашкахь а,
гуламан цIеношчохь а. 7 Царна лаьа базаран
майданахь шайга чIогIа лоруш маршалла хаттийта
а, „устаз“ аьлла, нахе шайн цIе яккхийта а. 8 Амма
аша шайн цIе, „устаз“ алий, ма яккхийта, хIунда
аьлча вайн массеран а баккъалла а волу цхьа Устаз
ву, ткъа шу вежарий ду. 9 Цхьаннан а кху дуьненахь
„Веза Да“ алий, цIе ма яккха, хIунда аьлча шун Веза
Да цхьаъ бен вац. Иза – Стигалахь Верг ву. 10 Шаьш
„хьехамхой“ ду алий, цIе ма яккхийта, хIунда аьлча
шун цхьа Хьехамхо ву – *Дала леррина
Къобалвинарг*. 11 ‡†Шуна юкъара уггар лакхара верг
шун ялхо хуьлийла. 12 ‡‡Ша лакхара хеташ верг, лах
а вина, кIезиг хетар ву, ткъа ша кIезиг хеташ верг
хьалаваьккхина хир ву.
13 ‡‡†Къа ду шун, Iелам нах а, парушхой а,
шалхалла шайца йолуш долу! Адамашна Стигалийн
Олалла тIелаца боьду некъ дIакъевлина аша.
Шаьш а ца доьлху шу цу некъахула, ткъа кхечу
нахана а дуьхьал ду шу цу некъахула уьш бахийта
‡‡‡.
15 Къа ду шун, Iелам нах а, парушхой а! Шалхалла
шайца ерш! ХIордана а, лаьттана а гобаккха кийча
ду шу, цхьа стаг мукъана а шайгахьа ваккхархьама.
И санна верг шайна карийча, цунах шайл шозза
жоьжахатина пайдениг вой, дIахIоттаво аша.
16 Къа ду шун, шаьш бIаьрзе а долуш,
юьхьлаьцнарш. Аша олу: „Делан цIийнах дуй
биъча, хIумма а дац, амма *Делан цIа* чохь долчу
деших дуй биъча, иза кхочушбан беза“. 17 БIаьрзе,
сонта нах! ХIун ду деза – деши ду, я Делан цIа ду, и
деши даздеш долу? 18 Аша боху: „СагIа доккхучу
кхерчах дуй биъча, хIумма а дац. Амма цу кхерча
тIехь Iуьллучу сагIанах дуй биъча, иза къарбан
йиш яц!“ 19 БIаьрзе нах! ХIун ду деза – сагIина еана
хIума ю, я ша кхерч бу, еана йолу хIума язъеш
болу? 20 Цу кхерчах дуй буучо цу тIе охьайиллинчу
хIуманах а боу дуй. 21 Делан цIийнах дуй буучо
Делан цIийнах а, цу чохь Iаш Волчух а боу дуй.
22 §Стигалх дуй буучо Дала паччахьалла дечу
гIантах а, цу гIанта тIехь Волчух а дуй боу.
23 §†Къа ду шун, Iелам нах а, парушхой а.
Шалхалла шайца ерш! Ялташ чудерзочу хенахь
Iаждарбецан, цицан, оччаман уьтталгIа дакъа аша
сагIина дIало, ткъа товрат-хьехамашкахь уггар
чIогIа лоруш дерш – нийсо, къинхетам, тешаме
хилар – шуна дицделла. Хьо цхьа хIуманаш лардеш
волчу хенахь важа дицдан ца деза. 24 БIаьрзе
юьхьлаьцнарш! Шаьш молуш долчу хи чуьра чуьрк
дIайоккху аша, амма эмкал §†† дIакхоллу.
25 Къа ду шун, Iелам нах а, парушхой а. Шалхалла
ю шуьца! Аша кад-хедар тIехулара дикка цIандо,
амма чухулара уьш бIаьрмецигаллица а,
къизаллица а схьаяьккхина йолчу хIуманах дуьзна
ду. 26 БIаьрзе парушхо, цкъа хьалха кад-хедар чуьра
цIанде, уьш тIера а, чуьра а цIена хилийта.
27 §‡Къа ду шун, Iелам нах а, парушхой а.
Шалхалла шайца ерш! Шу, кир а тоьхна, латташ
йолчу къуббанех тера ду. ТIехулара хьаьжча, уьш
хазахета, ткъа царна чохь беллачеран даьIахкаш,
дахкаделла долу дилха а ду. 28 Шу шаьш а,
тIехулара хьаьжча бакъахьара лелаш хетахь а,
шайца шалхалла а йолуш, зуламах дуьзна
долчарах ду.

---

*† 22:35-40 Лака 10:25-28. †† 22:44 Забур 109:1. ‡ 23:5 Маттай 6:1; Карлабаьккхинарг 6:8; Лелар 15:38. ‡† 23:11 Маттай 20:26, 27; Марк 9:35; 10:43, 44; Лака 22:26. ‡‡ 23:12 Лака 14:11; 18:14.*

*‡‡† 23:13, 14 Марк 12:40; Лака 20:47. ‡‡‡ Цхьадолчу тептарш тIехь 14-гIа аят тIетоьхна ду: *Къа ду шун, Iелам нах а, парушхой а! Шалхалла шайца ерш! Бисина Iаш болчу зударийн цIенош аша шайна дерзадо, шаьш гайтархьама деха доIанаш а до аша. Амма луьра таIзар хир ду шуна.* § 23:22 ЕшаI-ЯхIу 66:1; Маттай 5:34. §† 23:23 Iамалъяр 27:30. §†† Эмкал *– хIара хьайба товрат-хьехамаш тIехь хьарам лоруш ду.* §‡ 23:27 Векалийн 23:3.*

[29] Къа ду шун, Іелам нах а, парушхой а!
Шалхончаш! Пайхамаршна къуббанаш хазйо аша,
Делан лаамехь болчеран кешнаш кечдо. [30] Аша
олу: „Тхо тхешан ворхІе а да Іийначу хенахь
даьхнехьара, оха тхайн дайшца пайхамарийн цІий
Іанор дацара“. [31] Цу дешнашца аша шайна дуьхьал
тоьшалла до, шаьш пайхамарш байинчу
тІаьхьенах хилар чІагІ а деш. [32] Шайн дайша
лелийнарг кхин а тІехдаккха! [33] †Лаьхьанийн
тІаьхье! Жоьжахатих муха довла дохку шу?
[34] Цундела Аса шу долчу бохкуьйту пайхамарш,
хьекъалчаш, Іелам нах. Царах цхьаберш аша я
бойу, я жІарах дІатуху, вуьш, шун гуламан цІенош
чохь етташ, цхьана гІалара вукху гІала лоьхкуш
лелабо. [35] ††Шуна тІехь ду шуна Делан лаамехь
болчеран цІий, аша Іанийна долу, бехк боцучу
Хьабулна тІера дІадолийна Барак-ЯхІун кІант волчу
Закри-ЯхІуна тІекхаччалц, Делан цІенний, сагІа
доккхуш болчу кхерчаний юккъехь аша вийна
волчу. [36] Аса баккъалла а боху шуьга, цу дерригенах
а жоп лур ду хІокху тІаьхьено».

### Ярушалайм бахьана долуш гІайгІане хилар
(Лака 13:34, 35)

[37] «Ва Ярушалайм! Пайхамарш бойу ахь, хьайна
тІебахкийтиначарна тІулгаш детта ахь. Мел чІогІа
лиъънера-кх Суна хьан бераш гулдан, олхазаро шен
кІорнеш тІома кІел гул ма-ярра, амма хьуна ца лии
иза. [38] ‡ХІинца билггала шун ЦІа Дала дІатесна ду.
[39] ‡†Ас боху шуьга, шуна Со гур вац, цхьа хан а еана,
аш аллалц: „Декъала ву Везачу Элан цІарах вогІуш
верг!“»

### Делан цІа дохор хиларх лаьцна
(Марк 13:1, 2; Лака 21:5, 6)

24 *Делан цІа* долчуьра схьавогІуш вара Іийса.
Цу цІийнан кертахь йолу гІишлош Цунна
гайтархьама, Іийсана тІебаьхкира Цуьнан мурдаш.
[2] Цо цаьрга элира: «ХІара шадерг а гой шуна? Аса
баккъалла а боху шуьга: И дерриге а хІаллакдийр
ду, тІулга тІехь тІулг а ца буьтуш».

### ТІаьхьарчу заманан билгалонаш
(Марк 13:3-13; Лака 21:7-19)

[3] Іийса *Зайт-диттийн* лам тІехь хиъна Іачу хенахь,
Цуьнан мурдаш Цунна тІебаьхкира. Уьш Іийсаца
шаьш бисча, цара хаьттира: «Алахьара Ахьа, иза
маца хир ду? Хьо схьаваран а, дуьненан тІаьхьарчу
заманан а билгало муха хир ю?»
[4] Цаьрга Іийсас элира: «Ларлолаш, шаьш ле ма
дайталаш. [5] Аса иза боху, хІунда аьлча дуккха а
богІур бу Сан цІарах. Цара эр ду: „Со ву *Дала
леррина Къобалвинарг*!“ Дукхахберш Іехор бу.
[6] ТІемех лаьцна хезар ду шуна, вовшахлетарех
лаьцна хаамаш а хир бу. Шу дохий ма хьовза,
хІунда аьлча иза хила дезаш дерг ду. Амма иза
цкъачунна чаккхе яц. [7] Халкъана дуьхьал халкъ
гІоттур ду, мохк махкана дуьхьал бер бу. МаьІ-
маьІІехь мацалла а хІуттур ю, мохк а бегор бу.
[8] Амма иза, берах хьийзош йолчу зудчун санна,
халчу баланийн юьхь бен хир яц. [9] ‡‡Шу
Іазапанний, Іожаллиний кара дІалур ду. Сан цІе
бахьана долуш массо а къаьмнийн шуьга цабезам
кхоллалур бу. [10] Сох тешна болу дукхахберш дохко а
бевр бу, ямартлонаш а еш, вовшашца гамо лелор
ю. [11] Дукха нах лебеш, дуккха а харцпайхамарш
юкъабевр бу. [12] Зен-зулам совдалар бахьана долуш,
дукхахболчеран безам лахлур бу. [13] ‡‡†Амма и
дерриг а чекхдаллалц лайнарг кІелхьарвоккхур ву.
[14] И Делан Олаллех лаьцна болу *хаза кхаъ* дерриге
а дуьнен чохь дІакхайкхор бу, массо а адамашна
иза тоьшалла хилийтархьама. Цул тІаьхьа
тІекхочур ю дуьненан чаккхе».

### Боккха гІайгІа-бала
(Марк 13:14-23; Лака 21:20-24)

[15] ‡‡‡«Иштта, Даниал-пайхамарехула аьллачух „вас
еш йолу къемате хІума“ езачу метте дІахІоьттина
шайна гича, – (хІара доьшург нийса кхетийла!),
[16] тІаккха цу хенахь ЯхІуд-махкахь нисвелларг
лаьмнашка дІаводийла. [17] §Ткъа тхов тІехь
нисвелларг, цу тІера охьавоьссича, цІа чу ма
воьдийла, шен цхьа хІума схьаоьцур яра аьлла.
[18] Аренгахь нисвелларг, шен тІеюху хІума
схьаоьцур яра ша аьлла, цІа ма вогІийла.
[19] Боккхачу баланехь хир бу цу дийнахь
доьзалхочух болу а, бераш дакхош болу а зударий.
[20] Деле дехалаш, шаьш девдда дІадаха дезаш йолу
хан Іай я шоьтан садоІучу дийнахь ма нисъялийта
алий. [21] §†ХІунда аьлча дуьне кхоьллинчу хенахь
дуьйна, хІара хан тІекхаччалц, цхьанна а гина а
боцу, я кхин цул тІаьхьа гун а боцу боккха баланаш
гур бу нахана. [22] Дала и денош дац ца динехьара,
цхьа а кІелхьарвалалур вацара. Амма Ша
хаьржинчеран дуьхьа и денош Цо дацдина хир ду.
[23] Цхьаммо шайга цу хенахь „Хьажал! Кхузахь ву
шуна Дала леррина Къобалвинарг!“ я „Цигахь ву
шуна!“ алахь, цунах ма тешалаш, [24] хІунда аьлча цу
заманчохь харцпайхамарш а, шаьш Дала леррина
Къобалдинарш ду бохурш а гучубевр бу. Цара
тамашийна гІуллакхаш а, тамашийна билгалонаш
а гойтур ю, шайн йиш хилахь, Дала хаьржинарш
Іехорхьама. [25] ЛадогІалаш! Аса иза хьалххехь шуьга
дІахьедо.
[26] §††Нагахь шайга алахь: „Хьовсал! Иза яьссачу
аренгахь ву!“ цига ма гІолаш. Шайга: „Хьовсал, Иза
къайлахчу цІа чохь ву!“ алахь, царах ма тешалаш,
[27] хІунда аьлча, малхбалехьа летта, малхбузехула
тІехъиккхина долу стелахаьштиг санна, хир ду
Адамийн КІентан схьавар.

† *23:33 Маттай 3:7; 12:34; Лака 3:7.* †† *23:35 Доладалар 4:8; 2 Шерашкахь 24:20, 21.* ‡ *23:38 Ярми-ЯхІу 22:5.* ‡† *23:39 Забур 117:26.*
‡‡ *24:9 Маттай 10:22.* ‡‡† *24:13 Маттай 10:22.* ‡‡‡ *24:15 Даниал 9:27; 11:31; 12:11.* § *24:17, 18 Лака 17:31.* §† *24:21 Даниал 12:1; Довзийтинарг 7:14.* §†† *24:26, 27 Лака 17:23, 24.*

28 [†]ХIунда аьлча дакъа долчохь схьагуллур ю
хьаргIанаш [††] а».

### Адамийн КIант схьавар
(Марк 13:24-27; Лака 21:25-28)

29 [‡]«Цу баланийн денош чекх ма девллинехь,
малх кхулур бу,
батто а серло лур яц,
стигалара седарчий а охьаоьгур ду,
стигалийн нуьцкъалалла а леста йолалур ю.
30 [‡†]Цу сохьта стигалахь Адамийн КIентан
тамашийна билгало гучуер ю. Дуьнен чуьра массо
а къаьмнаш гIайгIане хир ду. Стигаларчу мархашна
тIехула схьавогIуш *Адамийн КIант* гур ву царна,
Шен ницкъаца а, доккхачу сийлаллица а
гучуваьлла волу. 31 Турбин озаца Ша хаьржинарш
дуьненан еъа а маьIIера схьагулбан дохуьйтур ду
Цо Шен маликаш, стигалийн цхьана йистера вукху
йисте кхаччалц».

### Комарийн дитт масална далош дина дустар
(Марк 13:28-31; Лака 21:29-33)

32 «Масала, эца комарийн диттах хьехам: цуьнан
гаьннаш кIад а делла, гIа тосучу хенахь, хаьа шуна
аьхке герга кхаьчнийла. 33 Иштта, и хIуманаш
кхочушхуьлуш шайна гича, хаа ду шуна Адамийн
КIентан зама герга юйла а, Иза неIарехь вуйла а.
34 Бакъдерг боху шуьга: хIара адамийн тIаьхье
чекхъялале, хир ду и дерриге а. 35 Стигаллий,
латтий къайладаьлча а, Сан дешнаш довр дац».

### Де а, сахьт а цхьанна а ца хаьа
(Марк 13:32-37; Лака 17:26-30, 34-36)

36 «Ткъа и де а, и сахьт а цхьанна а ца хаьа, я
стигалара маликашна а, я КIантана а, Да
воцучунна. 37 [‡‡]Нохьа-пайхамаран заманахь санна
хир ду Адамийн КIант схьавогIуш. 38 ХIунда аьлча
хьалха, хи тIедалале, адамаш юуш, молуш, зударий
балош, маре оьхуш хилла. И дерриге а лаьттира
Нохьа-пайхамар хинкеманна чу валлалц.
39 [‡‡†]ХIумма а дагахь доцуш хилла долу адамаш, хи
тIе а даьлла, хIаллакьхилира. Иштта хир ду
Адамийн КIант схьавогIучу хенахь а. 40 Цу
заманчохь шиъ аренгахь болх беш хир ву. Царах
цхьаъ схьаоьцур ву, ткъа важа вуьтур ву. 41 Кохьар
хьовзош, болх беш йоллучу шина зудчух цхьаъ
схьаоьцур ю, важа юьтур ю. 42 Цундела сема
хилалаш, хIунда аьлча шуна ца хаьа, маца вогIур
ву шун Веза Эла. 43 [‡‡‡]Кхин цхьа хIума а дагахь
латтаде: хIусамдена къу буьйсанна маца вогIур ву
хаьахьара, цо сема хиларца иза ларвийр вара,
цуьнга шена къола ца дайта. 44 Цундела шу а хила
деза кийча, хIунда аьлча Адамийн КIант шу Цуьнга
ца хьоьжучу хенахь вогIур ву».

### Тешаме а, тешам боцу а ялхо
(Лака 12:41-48)

45 «Муха хуьлу тешаме а, кхетаме а волу ялхо? Иза
ву вукху ялхошна тIехIоттийнарг, царна шен-шен
хенахь яа хIума дIа а луш. 46 Декъал хир ву, шен
хьолада цIа веача, цунна иштта лелаш гун волу
ялхо. 47 Бакъдерг боху шуьга: хьоладас иза шен
берриг а бахамна тIехь куьйгалхо хIоттор ву.
48 Амма, масала, и ялхо, шен даг чу оьгIазло а
йиллина, ша-шега: „Сан эла кестта цIа вогIур вац“
бохуш, 49 вукху ялхошна коча а оьхуш, ша санна
болчу маларш муьйлуш болчаьрца тIех сов дууш,
маларш муьйлуш Iаш хир ву. 50 Иза цIа варе ца
хьоьжучу дийнахь а, цунна дагахь доцучу хенахь а,
цу ялхочун олахо цIа кхочур ву. 51 ХIусамдас и ялхо,
тур тоьхна, шина декъе воькъур ву, шалхо лелочу
нехан дакъа цунна дIа а кхочуьйтуш. Ткъа цигахь
белхар а, цергаш хьекхор а хир ду».

### Итт зудаберах лаьцна долу хьекъале дийцар

25 [§]«Цу хенахь Стигалийн Олалла иштта хир ду.
Цхьана дийнахь Итт зудабер, цхьацца стогар
схьа а эцна, зуда ялош волчу кIантана
дуьхьалъяхана. 2 Царах пхиъ сонта хилла, ткъа
важа пхиъ хьекъал долуш хилла. 3 Сонта пхиъ,
шаьш стогарш схьаоьцуш, цу чу дуттуш долу даьтта
схьаэца йицъелла. 4 Хьекъал долуш долчу хIора
зудаберо, шаьш стогарш схьаоьцуш, шайн-шайн
кхаби чохь даьтта а схьаэцна. 5 Зуда ялош верг,
схьа ца вогIуш, хьевелла. ТIегIоьртинчу набарна
зудабераш дIатийна.
6 Буьйса юккъе яьлча, цхьа мохь хезна царна:
„ХIей, зуда ялош верг вогIуш ву шуна! Дуьйло,
цунна дуьхьалгIо!“ 7 Цу сохьта зудабераша, сама а
девлла, шайн стогарш хьалалатийна. 8 Пхеа
сонтачу зудаберо вукхаьрга дехар деш хилла:
„Лойша тхуна жимма даьтта, тхан стогарш дIабовш
бу“, – бохуш. 9 Цаьрга хьекъал долчу зудабераша
элира: „Шуна иза дала тхан йиш яц, и даьтта я
шуна а, я тхуна а тоам боцуш ца дисийта.
Йохкархой болчу а гIой, эца аша“. 10 Уьш даьтта эца
бахана леллашехь, веана зуда ялош верг
схьакхаьчна. Тойне даха кийча долу зудабераш
цуьнца дахана, ткъа неI дIакъовлаелла.
11 [§†]ТIаьххьара а даьхкина зудабераш
схьакхаьчна. Цара аьлла: „Эла! Ва эла! НеI
дIаеллахьа тхуна!“ 12 Амма Цо цаьрга аьлла: „Аса
баккъалла а боху шуьга: суна шу ца девза!“
13 Цундела сема хила, хIунда аьлча *Адамийн КIант*
вогIур волу де а, сахьт а шуна хууш дац».

† *24:28 Лака 17:37.* †† *ХьаргIанаш *– грекийн маттахь: *ломъаьрзунаш.** ‡ *24:29 ЕшаI-ЯхIу 13:10; Юал 2:10, 31; 3:15; Довзийтинарг 6:12; Яхьазкхиал 32:7; Юал 2:10; 3:15; ЕшаI-ЯхIу 34:4; Довзийтинарг 6:13.* ‡† *24:30 Даниал 7:13; Закри-ЯхIу 12:10-14; Довзийтинарг 1:7.* ‡‡ *24:37 Доладалар 6:5-8.* ‡‡† *24:39 Доладалар 7:6-24.* ‡‡‡ *24:43, 44 Лака 12:39, 40.*

§ *25:1 Лака 12:35.* §† *25:11, 12 Лака 13:25.*

### Кхаа ялхочух лаьцна долу хьекъале дийцар
(Лака 19:11-27)

14 †«Стигалийн Олалла иштта хир ду. Цхьана стага, ша генарчу новкъа валале, шен ялхой схьа а гулбина, уьш шен бахам ларбан хIиттийна. 15 Цо шен ялхошна, хIораннан а хьуьнаре хьаьжжина, ахча делла, царна луъучу агIор иза лело. Цхьанна цо пхи гали деши делла, вукхунна ши гали деши делла, кхоалгIачунна цхьа гали деши делла. ТIаккха иза новкъа ваьлла. 16 Шена пхи гали деши кхаьчначо, цхьана мехалчу гIуллакхa юккъе а вахана, царах кхин а пхи гали деши даькккхина. 17 Ши гали деши кхаьчначо кхин а ши гали деши тIедаькккхина. 18 Ткъа цхьа гали деши шегахь долчо, ваха а вахана, ор а даькккхина, цу чохь и деши дIалачкъийна.

19 Дикка хан яьлча, веана эла схьакхаьчча, цо цаьрга хаьттина, хIун дира аша шен ахчанах аьлла. 20 Пхи гали деши шегахь дитинарг, кхин а пхи гали тIе а диллина, и деши схьадахьаш веана. Цо аьлла: „Эла, ахьа соьгахь пхи гали деши дитира. Аса кхин а пхи гали тIедаькккхина“. 21 Эло цуьнга элира: „Хьо дика, тешаме ялхо ву. Дика гIуллакх дина ахьа аса хьайгахь дитинчу кIеззиг долчу ахчанах. ХIинца аса хьуна кхин а доккха гIуллакх тIедожор ду. Чувола, соьца цхьаьна самукъадаккха“. 22 Ши гали деши шегахь дитина верг а веана шен эла волчу. Цо аьлла: „Эла, ахьа соьгахь ши гали деши дитира, аса кхин а ши гали даькккхина“. 23 Хьолан дас цуьнга аьлла: „Хьо дика, тешаме ялхо ву. Дика гIуллакх дина ахьа аса хьайгахь дитинчу кIеззиг долчу ахчанах. ХIинца аса хьуна кхин а доккха гIуллакх тIедожор ду. Чувола, соьца цхьаьна самукъадаккха“. 24 ТIе а веана, хIокхо шегахь цхьа гали деши дитинчу ялхочо аьлла: „Эла, суна хууш ду хьо луьра стаг вуйла. Ахьа айхьа дIа ца дийначуьра ялта чуоьцу, айхьа охьа ца Iанийначуьра схьагулдо. 25 Цундела аса, хьох кхоьруш, ваха а вахана, хьан деши лаьтта буха доьллира. Хьажал, хьан деши кхузахь ду хьуна“. 26 Цуьнга хьолан дас аьлла: „Хьо вон а, болх бан кархдер доцуш а ялхо ву. Хьуна хууш ду, аса дIа ца дийначохь ялта хьоккхий, охьа ца Iанийначохь схьагулдой. 27 Цундела хьо сан ахча мах лелош болчаьрга дIадала дезаш ма вара. ТIаккха, со юхавеача, аса сайн ахча тIеяьлла са а йолуш схьаоьцур ма дара. 28 Цуьнгара гали деши схьа а эций, итт гали деши долчуьнга дIало. 29 ††ХIунда аьлча хIоранна а шен долчунна тIе кхин а сов лур ду, ткъа цуьнан дерг кхин а стамлур ду. Амма хIумма а доцучуьнгара цуьнан данне а доцург а дIадоккху. 30 ‡Чукхосса и шех пайда схьабер боцуш волу ялхо Iаьржачу бодане. Цигахь белхар а, цергаш хьекхор а ду“».

### Адамашна тIехь йина кхел

31 ‡‡«Ткъа Адамийн КIант Шен сийлаллица веача, Шеца массо а маликаш а долуш, Иза Шен стигалийн сийлаллехь охьахуур ву Шен паччахьан гIанта тIе. 32 ТIаккха массо а халкъаш Цунна хьалха схьагуллур ду. Цо уьш, жаIуьно уьстагIий гезарех санна, дIасакъастор ду. 33 УьстагIий Цо Шена аьтту агIор дохур ду, гезарий – аьрру агIор. 34 Паччахьо Шена аьтту агIор болчаьрга эр ду: „Сан Дас декъалдинарш, шу тIедуьйла! Дуьне кхоьллинчу хенахь дуьйна схьа шайна кечдина, Сан Олаллехь долу дахар дIаэца. Иза шуна деш долу совгIат ду, 35 хIунда аьлча Со меца волчу хенахь аша Суна яа хIума елира, Со хьогах волчу хенахь аша Суна мала хи делира. Со араваьлла лелачу хенахь аша Со тIеийцира. 36 Со тIехь беркъа волчу хенахь аша Суна тIеюха хIума елира. Со цомгуш волчу хенахь аша Сан дола дира. Со набахтехь волчу хенахь шу Со волчу тIаьхьадаьхкира“. 37 ТIаккха Делан лаамехь болчара Цуьнга эр ду: „Веза Эла! Хьо меца а волуш, оха маца елла хьуна яа хIума? Хьо хьогах а волуш, оха маца делла хьуна мала хи? 38 Хьо араваьлла лелачу хенахь оха маца эцна хьо тIе? Хьо беркъа ваьлла лелаш, оха маца йоьхна хьуна тIе хIума? 39 Хьо тхуна маца гина цомгуш я набахти чохь? Тхо маца ихна тIаьхьа?“ 40 Паччахьо цаьрга эр ду: „Аса баккъалла а боху шуьга: гIо оьшучохь хIокху Сан вежаршна, царах уггар ледара волчунна а, аша мел динарг Сан дуьхьа дина ду шуна“.

41 ТIаккха Шена аьрру агIор болчаьрга эр ду: „Гена довла Суна, Делан неIалт хилларш! Иблисаний, цуьнан харцмаликашний кечйинчу жоьжахатин цIера юккъехь ю шун меттиг. 42 ХIунда аьлча Со меца волчу хенахь аша яа хIума ца елира, Со хьогах волчу хенахь мала хи ца делира. 43 Со араваьлла лелачу хенахь аша Со тIе ца ийцира. Со цомгуш волчу хенахь, я набахти чохь воллучу хенахь аша Сан терго ца йира“. 44 ТIаккха цара Цуьнга эр ду: „Веза Эла! Тхуна хьо маца гина меца а, хьогах волуш а, я араваьлла лелаш? ТIехь беркъа волуш а, могуш воцуш а? Тхуна маца гина хьо набахти чохь? Тхо маца Iийна Хьан гIуллакх ца деш?“ 45 ТIаккха Паччахьо цаьрга эр ду: „Аса баккъалла а боху шуьга: аша гIо оьшучохь Сан цхьанна а вешина гIо ца дина, царах уггар ледара волчунна а, иза Суна ца дина аша“. 46 ‡‡‡ТIаккха уьш цкъа а хедар доцучу таIзарехь хир бу, ткъа Делан лаамехь берш хедар доцучу дахаре кхочур бу».

### Iийса вен бина болу барт
(Марк 14:1, 2; Лака 22:1, 2; Яхьъя 11:45-53)

**26** Ша къамел дина ваьллачул тIаьхьа Iийсас Шен мурдашка элира: 2 ‡‡†«Шуна хууш ду ши де даьллачул тIаьхьа „*Пасахь*“ олу деза де

† 25:14-30 Лака 19:11-27. †† 25:29 Маттай 13:12; Марк 4:25; Лака 8:18. ‡ 25:30 Маттай 8:12; 22:13; Лака 13:28.

‡† 25:31 Маттай 16:27; Маттай 19:28. ‡‡ 25:46 Даниал 12:2. ‡‡† 26:2 Арадаккхар 12:1-27.

тӀекхочуш дуйла а, *Адамийн КӀант* жӀарах дӀатоха
дӀалур вуйла а».
[3] ТӀаккха динан коьрта дай а, къаной а Кайба цӀе
йолчу динан коьртачу ден кертахь схьагулбелира.
[4] Цара барт бира Ӏийса хӀилланца схьалаца а, вен а.
[5] Амма цара элира: «Дезачу дийнахь дан мегар дац
иза, адам карзах ца далийта».

### Бет-ХӀинехь Ӏийсана тӀе деза даьтта доттар

(Марк 14:3-9; Яхьъя 12:1-8)

[6] Ӏийса Бет-ХӀинехь чкъураца ца йоьрзу цамгар
хилла йолчу ШамӀин хӀусамехь волчу хенахь,
[7] †Цунна тӀееара, мехала кхаба карахь а йолуш,
цхьа зуда. Иза шен кхаби чуьра хаза хьожа йогӀу,
механа чӀогӀа деза долу даьтта хиъна Ӏаш волчу
Ӏийсана коьрта тӀе дитта йолаелира. [8] И сурт шайна
гича, Ӏийсан мурдаш резабоцуш хьаьвзира. Цара
элира: «Муха лелор ду цу тайпана кхоам боцуш
долу хӀума? [9] Безачу мехах и даьтта дӀа а доьхкина,
цунах схьаэцна долу ахча мискачу нахана дӀадала
мегар ма дара».
[10] Ӏийсас, Шена и къамел хезча, элира: «Эхь
стенна хоьтуьйту аша цу зудчунна? Цо Суна динарг
дика гӀуллакх ду. [11] ††Миска нах шуна юххехь гуттар
а хир бу, ткъа Со даим хир вац шуьца. [12] Сан дегӀа
тӀе и мехала даьтта а доьттина, иза Со дӀаволла
хьалхе кечам беш ю. [13] Аса баккъалла а боху
шуьга: дерриг а дуьнен тӀехь, и *хаза кхаъ*
кхайкхочу массо а меттехь, цу зудчо динарг, цуьнан
сий айдеш, хьахор ду».

### ЯхӀуд-Искархо Ӏийсана ямартло ян реза хилар

(Марк 14:10, 11; Лака 22:3-6)

[14] Ӏийсан шийтта мурдах цхьаъ волчу ЯхӀуд-
Искархочо, динан коьрта дай болчу а вахана,
[15] ‡элира: «Суна хӀун лур ю аша, аса Иза шайна
дӀалахь?» Цара ткъе итт дети ахча лур ду шаьш
элира. [16] ХӀеттахь дуьйна ЯхӀуд-Искархо Ӏийса
цаьрга дӀавала аьтто лаха волавелира.

### Ӏийсас Шен мурдашца Пасахьан пхьор даар

(Марк 14:12-21; Лака 22:7-13, 21-23; Яхьъя 13:21-30)

[17] Совсазчу баьпкан дезачу денойн хьалхарчу
дийнахь Ӏийса волчу баьхкира Цуьнан мурдаш.
Цара элира: «Пасахьан пхьор мичахь дан лаьа
Хьуна? Оха, дахана, кечйийр ю чоь».
[18] Цо элира: «ГӀалахь Ӏаш волу а, ас хьоьга
дуьйцуш волу а стаг волчу а гӀой, цуьнга ала:
„Устазо боху: ‘Сан хан тӀекхочуш ю. Аса Сайн
мурдашца Пасахьан деза де хьан хӀусамехь
даздийр ду’“».
[19] Цара, дӀа а бахана, Цо тӀедиллинарг
кхочушдира, тӀаккха Пасахьан пхьор кечдира.
[20] Суьйре тӀекхаьччa, Ӏийса Шен шийтта мурдаца
хӀума яа охьахиира. [21] ТӀаккха Ӏийсас элира: «Аса
баккъалла а боху шуьга: шух цхьаммо Суна
ямартло йийр ю».
[22] ЧӀогӀа халахетарца уьш Цуьнга баха
буьйлабелира: «Эла, со-м хир ма вац иза!»
[23] ‡†Церан хаттарна жоп луш, Цо элира: «Соьца
хӀокху кеда чу куьг кховдийначо Суна тешнабехк
бийр бу. [24] Ткъа Адамийн КӀант, Делан Йозанашна
тӀехь Цунах яздина ма-хиллара, кху дуьнен чуьра
дӀавоьдуш ву. Амма декъаза ву Цунна ямарта верг!
Цунна дуьнен чу ца валар гӀоле яра!»
[25] Тешнабехк бан кечвелла волчу ЯхӀуд-Искархочо
элира: «Хьуна иза со ву-м ма ца моьтту, Устаз!»
Ӏийсас цунна жоп делира: «Иза ахьа боху!»

### Везачу Элан пхьор

(Марк 14:22-26; Лака 22:14-20; 1 Коринтхошка 11:23-25)

[26] Цара хӀума юучу хенахь Ӏийсас, бепиг схьа а
эцна, доӀанца декъал а дина, декъа а декъна, Шен
мурдашка дӀа а кховдош, элира: «ДӀаэца, даа, иза
Сан дегӀ ду шуна!»
[27] Цул тӀаьхьа кад, схьа а эцна, Далла хастам а
бина, цаьрга дӀакховдийра: «ДӀамала массара а,
[28] ‡‡иза Сан цӀий ду шуна, Делаца бина барт
чӀагӀбеш долу, дуккха а нах къинойх цӀанбархьама
Ӏенар долу! [29] Амма Аса боху шуьга: кемсех
даьккхина долу кхин цхьа а малар Аса мер дац, Сан
Дас дӀахӀоттийначу Олаллехь керла малар шуьца
молу де тӀекхаччалц», – аьлла.
[30] ТӀаккха Далла хастаман назманаш а аьлла,
*Зайт-диттийн* лам тӀе бахара уьш.

### Ӏийсас хьалхе дӀахоуьйту Кипас Ша дӀатосург хилар

(Марк 14:27-31; Лака 22:31-34; Яхьъя 13:36-38)

[31] ‡‡†ТӀаккха Ӏийсас элира цаьрга: «Тховса аша
массара а Со дӀатосур ву, яздина ма-хиллара:
„Ӏуьнна чов йийр ю Аса,
тӀаккха жа юкъара уьстагӀий шаьш дӀасадовдур
ду“. [32] ‡‡‡Амма веллачуьра денвеллачул тӀаьхьа
Галилай-махка шул хьалха кхочур ву Со».
[33] ТӀаккха Кипас Цуьнга элира: «Массара а
дӀатесча а, аса-м дӀатосур вац Хьо».
[34] Ӏийсас цуьнга элира: «Аса баккъалла а боху
хьоьга: тховса нӀаьна кхайкхале, Со кхузза дӀатосур
ву ахь».
[35] ТӀаккха Кипас Цуьнга элира: «Сан Хьоьца вала
дезахь а, со цкъа а Хьох дӀакъаьстар вац».
Изза вукхара а элира.

### Ӏийсас Гатшамани-бешахь доӀа дар

(Марк 14:32-42; Лака 22:39-46)

[36] Ӏийса Шен мурдашца Гатшамани цӀе йолчу
метте веара. Цо цаьрга элира: «Кхузахь ховший Ӏе,
Аса, хьуьлла а вахана, доӀа дечу юкъана». [37] Цо
Шеца Кипа а, Зевадин ши кӀант а вигира. ЧӀогӀа
сингаттаме а, йиш йоьхна а вара Иза. [38] Цо элира

† *26:7 Лака 7:37, 38.* †† *26:11 Карлабаьккхинарг 15:11.* ‡ *26:15 Закри-ЯхӀу 11:12.*

‡† *26:23 Забур 40:10.* ‡‡ *26:28 Арадаккхар 24:8; Ярми-ЯхӀу 31:31-34.* ‡‡† *26:31 Закри-ЯхӀу 13:7.* ‡‡‡ *26:32 Маттай 28:16.*

цаьрга: «Сан са Іожаллин гІайгІанехь ду. Аша
кхузахь а совций, Соьца цхьаьна сема хан яккха».
39 Царна жимма дехьа а ваьлла, бертал а воьжна,
доІа дира Цо: «Сан Дада! Йиш елахь, и баланийн
къаьхьа кад Суна уллохула тІехбаккхахьара Ахь!
Делахь а, иза Сан лаамца доцуш, Хьан лаамца
хуьлийла».
40 Шен мурдаш болчу тІевахча, уьш наб кхетта
гира Цунна. Кипига Цо элира: «ХІун до аша? Цхьана
сахьтехь мукъана а Соьца сема хила ца мегара шу?
41 Сема а хилалаш, доІа деш а хилалаш, шаьш
къилахь долчу лаамашна кІел ца дисийта. Са сема
ду, ткъа дилха эгІаза ду».
42 Юха а, дІанехьа а ваьлла, Иза доІа дан
волавелира: «Сан Дада! И къаьхьа кад, Аса ца
молуш, Суна уллохула тІехбала йиш яцахь, Аса иза
мер бу. Хьан лаам кхочушхуьлийла!» 43 Юхавеача,
кхин цкъа бийшина карийра Іийсана уьш, хІунда
аьлча церан бІаьрганегІарш дазделлера.
44 КхозлагІа а, дІанехьа а ваьлла, доІа дан
хІоьттира Иза, изза дешнаш а олуш. 45 Шен мурдаш
болчу тІе а веана, Іийсас цаьрга элира: «Шу хІинца
а, наб еш, садоІуш ду? ЛадогІа Соьга: Адамийн
КІант къинош летийначеран каравоьду хан
тІекхаьчна. 46 Дуьйло, хьалагІовтта! ХІара ву Суна
ямартло ен верг».

### Іийсана ямартло яр а, Иза схьалацар а

(Марк 14:43-50; Лака 22:47-53; Яхьъя 18:3-12)

47 Іийсас иза олучу хенахь веана схьакхечира
шийттаннах цхьаъ волу ЯхІуд. Цунна
тІаьхьахІоьттина адамийн тоба яра, карахь
таррашший, хьоккхий а долуш. Уьш динан коьртачу
дайший, къаноший схьахьажийна хилла. 48 Іийсана
ямарта волчо билгало йинера цаьрга: «Аса барт
баьккхинарг Иза хир ву шуна, – аьлла, – Иза
схьалаца». 49 Цу сохьта Іийсана тІе а вахана, цо
элира: «Маршалла ду Хьоьга, Устаз!» Цул тІаьхьа
Цунна барт баьккхира.
50 Іийсас цуьнга элира: «Къонах, айхьа кхуза
деана долу гІуллакх кхочушде †». Цара Іийса,
тІекхетта, схьалецира. 51 Кхуьнца хилла волчу
цхьаммо, тур хьала а даьккхина, динан коьртачу
ден ялхочун лерг, тоьхна, тІерадаьккхира.
52 ††Іийсас цуьнга элира: «Батта чу дилла хьайн тур,
хІунда аьлча шайн тарраш схьадаьхнарш берриш
таррашца бойур бу. 53 Сайн Дега орца ца даккхалуш
ву-м ца моьтту хьуна Со? Аса Шега хаам бинчу
сахьтехь Цо маликийн шийтта сов эскар Суна
гІоьнна доуьйтур дац моьтту хьуна? 54 Делан
Йозанаш тІехь и шадерг иштта хила деза бохург
кхочуш муха хир ду ткъа?»
55 ‡Цу хенахь Іийсас гулбеллачаьрга элира:
«Талорхо лаца доьлхуш санна, таррашций,
хьокханашций ара ма девлла шу Со лаца. ХІора
дийнахь Делан цІийнан кертахь Іаш ма вара шуна
Со, хьехамаш беш, амма цу хенахь аша Со схьа ца
лецира. 56 Ткъа и шадерг хилла пайхамарша
яздинарш кхочушхилийтархьама».
ТІаккха Цуьнан берриг а мурдаш, Иза ша
волччохь а витина, бевдда дІабахара.

### Іийса коьртачу кхеташонна хьалха хІутту

(Марк 14:53-65; Лака 22:54, 55, 63-71; Яхьъя 18:13, 14, 19-24)

57 Іийса схьалаьцначара Иза *динан коьрта да*
Кайба волчу дІавигира. Кхузахь гулбелла бара
Іелам нах а, къаной а. 58 Іийсана гено тІаьхьа а
хІоьттина, динан коьртачу ден керт йолчу
схьавеара Кипа. Чу а ваьлла, гІаролхошца цхьаьна
охьахиира, кхин дІа хІун хир ду хьожуш. 59 Ткъа
Іийсана веран кхел ярхьама, динан коьрта дай а,
коьртачу кхеташонехь мел верг а Иза бехке ван
бахьана лоьхуш бара. 60 Амма харц тоьшалла деш
берш дуккха белахь а, Иза вен бахьана ца
карадора царна. Эххар а кхин а ши стаг тІевеара.
61 ‡†Цара элира: «Тхо теш а долуш Цо элира: „*Делан
цІа* доха а дина, Соьга иза кхаа дийнахь
дІахІотталур дара“».
62 ТІаккха динан коьртачу дас, хьала а гІаьттина,
Цуьнга хаьттира: «Ахь цхьа а жоп ма ца ло? Цара
Хьуна дуьхьал тоьшаллаш хІунда до?» 63 Амма Іийса
вист ца хилира. Динан коьртачу дас Цуьнга элира:
«Дийна волчу Делан цІарах тІедуьллу Хьуна: алал
тхоьга, Хьо вуй *Делан КІант* волу *Дала леррина
Къобалвинарг*?»
64 ‡‡Іийсас цуьнга элира: «Ахьа айхьа эли иза.
Делахь а, Аса эр ду шуьга массаьрга:
хІинца дуьйна схьа Адамийн КІант шуна гур ву
Нуьцкъалчу Далла аьтту агІор хиъна Іаш а,
стигаларчу мархашкахула охьавуссуш а».
65 ‡‡†ТІаккха динан коьртачу дас, шена тІера
бедарш а этІош, мохь хьаькхира: «Иза Далла лоьра!
Кхин хІун тоьшалла оьшу? Шуна хезирий Иза
Далла луьйш? 66 ХІун хета шуна?»
Цунна жоп луш, гулбеллачара элира: «Иза бехке
ву! Иза вала веза!»
67 ‡‡‡Цхьаболчара юьхь тІе туйнаш детташ,
вукхара буйнаш детташ, бетах тІара детташ, 68 мохь
хьоькхура: «Хьо пайхамар велахь, алал, „Дала
леррина Къобалвинарг“, муьлхачо туьйхира
Хьуна?»

### Кипас Іийса дІатасар

(Марк 14:66-72; Лака 22:56-62; Яхьъя 18:15-18, 25-27)

69 Кипа цу хенахь кертахь Іаш вара. Цунна тІе а
еана, цхьана зуда-ялхочо элира: «Хьо а ма вара
Галилайра волчу Іийсаца».
70 Амма цо иза даре ца дира: «Суна ца хаьа, ахьа
хІун боху». 71 Иза кевнах араволучу хенахь вукху
зудчо элира: «И стаг Назартарчу Іийсаца вара».

---

† *Айхьа кхуза веана долу гІуллакх кхочушде *– я иштта: *хьо стенна деана?** †† *26:52 Доладалар 9:6; Довзийтинарг 13:10.* ‡ *26:55 Лака 19:47; 21:37.*

‡† *26:61 Яхьъя 2:19.* ‡‡ *26:64 Даниал 7:13.* ‡‡† *26:65, 66 Іамалъяр 24:16.* ‡‡‡ *26:67 ЕшаІ-ЯхІу 50:6.*

72 Кипас юха а, дуй бууш, элира: «Суна и стаг ца
вевза».
73 Дукха хан ялале кхунна тIебаьхкира кхин а нах.
Цара Кипига элира: «Хьо баккъалла а ву-кх царах,
хIунда аьлча хьан къамело цунах тоьшалла до».
74 Кипа юха а, дуйнаш а дууш, чIагIонаш ян
волавелира: «Суна и стаг ца вевза».
Эццахь нIаьна кхайкхира. 75 ТIаккха дагадеара
Кипина Iийсас аьлларг: «НIаьна кхайкхале, ахьа
кхузза Со дIатосур ву». Иза, кертара ара а ваьлла,
доггах вилхира.

### Iийса Пулат волчу валаво
(Марк 15:1; Лака 23:1, 2; Яхьъя 18:28-32)

27 ШолгIачу Iуьйранна массо а динан коьртачу
дайша а, къаноша а гуламехь, цхьаьна а
кхетта, Iийса вейта барт бира. 2 Иза, дIа а вихкина,
мехкан куьйгалхо волу Пулат волчу дIавигира цара.

### ЯхIуд-Искархо валар
(Векалийн 1:18, 19)

3 †Iийсана ямартло йина волчу ЯхIуд-Искархочо,
Цунна кхел йинийла хиъча, дохко а ваьлла, шена
делла долу ткъе итт дато ахча динан коьртачу
дайшний, къаношний юхаделира. 4 Цо элира: «Къа
латийна аса сайх, бехк боцучунна ямартло а йина».
Амма цара цуьнга элира: «Тхуна хIун ду иза? Иза
хьайна хуур ду хьуна».
5 Ша цаьргара схьаэцна долу дато ахча Делан
цIийнан керта дIа а кхоьссина, ЯхIуд-Искархо,
вахана, ирхъоллавелира.
6 Динан коьртачу дайша, и ахча схьа а гулдина,
элира: «ХIара Делан цIийнан хазни чуьра ахчанах
дIатоха мегар дац, цIий Iанадайтина ахча долу
дела». 7 Вовшах дага а бевлла, цара цу ахчанах
кхийра пхьегIаш еш волчун латта ийцира, цу тIехь
хийрачу къаьмнех болу белла нах дIабохка.
8 Цундела тахана а и латта «ЦIийн латта» олуш ду.
9 ††Иштта кхочушхилира Ярми-ЯхIус аьлла долу
дешнаш: «Схьаийцира цара мах хIоттийна
волчунна тIера ткъе итт дато ахча. Иштта бара
исраилхоша цуьнан хадийна болу мах. 10 Иза
кхийра пхьегIаш еш волчун лаьттах дIаделира
цара, соьга Везачу Эло ма-аллара».

### Пулата Iийса жоьпе озаво
(Марк 15:2-5; Лака 23:3-5; Яхьъя 18:33-38)

11 Iийса мехкан куьйгалхочунна хьалха
дIахIоьттира. Цо Iийсага хьаттира: «Хьо жуьгтийн
къоман паччахь вуй?»
Iийсас жоп делира: «Ахьа боху-кх иза». 12 Ткъа
динан коьртачу дайший, къаноший Шена бехк
биллича, Цо цаьрга хIумма а ца элира.
13 ТIаккха Пулата Цуьнга элира: «Хьуна ца хеза,
Хьайна дуьхьал мел дукха бехкаш даладо?»
14 Амма Iийсас цхьана а тайпана Шега деш долчу
хаттаршна жоп ца делира. И сурт шена гича,
мехкан куьйгалхо чIогIа цецваьллера.

### Iийса вен кхел йо
(Марк 15:6-15; Лака 23:13-25; Яхьъя 18:39–19:16)

15 ХIора Пасахьан дезачу дийнахь мехкан
куьйгалхочо набахти чу боьхкинчу нахана юкъара
халкъо къастийна волу цхьа стаг дIахоьцура. 16 Цу
хенахь набахти чохь воллуш вара цIеяхана волу
зуламхо ЮшаI-Барраб. 17 Нах схьагулбелча, Пулата
цаьрга хаьттира: «Аса царах муьлха дIахоьцийла
лаьа шуна: ЮшаI-Барраб я Iийса, „*Дала леррина
Къобалвинарг*“ олуш волу?» 18 Пулатана хаьара,
Iийса цара, Цуьнга хьагI хилар бахьана долуш,
ямартло а йина, валийнийла.
19 Пулат мехкан кхеташонехь Iаш волчу хенахь
цуьнга шен хIусамненера хабар кхечира: «Цу
Делан лаамехь волчунна кхел ечуьра
юьстахвалахьара хьо, хIунда аьлча дIаяханчу буса
аса Иза бахьана долуш гIенах чIогIа бала
хьийгира», – аьлла.
20 Амма динан коьртачу дайша а, къаноша а
гулбеллачаьрга шайн лаам дIахаийтира: Барраб
кIелхьара а ваьккхина, Iийса вен кхел яйта лаар.
21 ТIаккха мехкан куьйгалхочо халкъе хаьттира: «Цу
шиннах муьлханиг дIахоьцийла лаьа шуна?»
Цара элира: «Барраб».
22 Пулата цаьрга элира: «Аса хIун дан деза, Дала
леррина Къобалвинарг аьлла, цIе йолуш волчу
Iийсана?»
Цара массара а элира: «ЖIарах дIатоха Иза!»
23 Пулата хаьттира: «ХIунда? Цо хIун зулам дина
те?»
Амма цара кхин а чIогIа маьхьарий хьоькхура:
«ЖIарах дIатоха!» – бохуш.
24 ‡И сурт гуш волчу Пулата, адам кхин а чIогIа
карзахдала кийча дуйла шена гича, массарна а гуш
хи схьа а эцна, шен куьйгаш дилира. Цо элира:
«ХIокху Стеган цIий сох ца хьаьрчина. Аш-шаьш
жоп ло».
25 Адамаша жоп делира: «Цуьнан цIий тхуний,
тхан берашний тIехь хуьлийла!»
26 ТIаккха цо Барраб дIахецийтира, ткъа Iийса,
шед а еттийтина, церан кара дIавелира жIарах
дIатохийтархьама.

### Iийса тIемалоша хьийзавар
(Марк 15:16-20; Яхьъя 19:2, 3)

27 ТIаккха Iийса мехкан куьйгалхочун тIемалоша
кхел кхайкхо гIишло чу вигира. Цунна гонах
тIемалойн тоба гулъелира. 28 Iийсана тIера бедарш
дIа а яьхна, цара Цунна тIе цIен оба кхоьллира.
29 Коканийн коьллех кочар а дина, цара иза Iийсан
коьрта тIе диллира, аьтту куьйга Iаса лацийтира.
Беламца, Цунна хьалха гора а хIиттина, цара
бохура: «Декъала хуьлда жуьгтийн къоман

† *27:3-8 Векалийн 1:18, 19.* †† *27:9, 10 Закри-ЯхIу 11:12, 13.*
‡ *27:24 Карлабаьккхинарг 21:6-9.*

Паччахь!» 30 Цара Цунна тIе туйнаш детта долийра,
тIаккха Цуьнан карара Iаса, схьа а яьккхина,
Цуьнан коьртах етта йолийра. 31 Шаьш Иза
аьшнаш вина бевлча, Цунна тIера цIен духар дIа а
даьккхина, Цуьнан Шен бедарш тIеюьйхира цара.
ТIаккха Iийса жIарах дIатоха дIавигира.

### Iийса жIарах дIатохар

(Марк 15:21-32; Лака 23:26-43; Яхьъя 19:17-27)

32 ХIорш дIабоьлхучу хенахь кхарна дуьхьал
кхийтира Къуринара волу ШамIа цIе йолу стаг. Иза
саца а вина, цуьнга Iийсан жIаран бIогIам
дIабахьийтира цара. 33 Уьш схьакхечира
«Галгатхьа» олучу метте (иза «туьтанан меттиг»
бохург ду). 34 †Стимаца эдина долу чагIар малийта
гIоьртира уьш Iийсага, амма Цо, цунах чам
баьккхинчул тIаьхьа, иза ца мелира. 35 ††Иза жIарах
дIа а тоьхна, тIемалой, шайна юкъахь Iийсан
бедарш йоькъуш, кхаж таса хIиттира. 36 Цул
тIаьхьа, охьа а хевшина, уьш Иза ларвеш бара.
37 Iийсан коьрта тIехула дIатоьхначу уьнна тIехь
яздина дара: «ХIара ву Iийса, жуьгтийн къоман
Паччахь» – аьлла. Цу дешнаша ХIара стенна бехке
веш ву билгалдоккхура. 38 Iийсаца ши талорхо вара
жIарах дIатоьхна. Цхьаъ Цунна аьтту агIор, важа
аьрру агIор. 39 ‡Юххехула чекхбовлучара вон
баганаш етташ, кортош лестош, 40 ‡†Цуьнга бохура:
«ХIей, *Делан цIа* доха а дина, кхаа дийнахь иза юха
дIахIоттош верг! Хьо *Делан КIант* велахь,
кIелхьарвала хьажа, охьавосса жIаран бIогIамна
тIера!»
41 Царах терра динан коьртачу дайша а, Iеламчу
наха а, къаноша а, Цунах бийла а буьйлуш,
вовшашка бохура: 42 «Кхиберш кIелхьара а баьхна,
Ша-м кIелхьара ца ваккхало Кхуьнга. Ша Исраилан
халкъан паччахь велахь, охьавосса хIинца жIарана
тIера. ТIаккха тхо Цунах тешар ду! 43 ‡‡Иза Делах
тешна вара, тIаккха Дала кху баланах
кIелхьарваккха веза-кх, Шена Иза оьшуш велахь.
Цо ала ма аьлла: „Со Делан КIант ву!“»
44 Кхуьнца жIарах дIатоьхна болчу талорхоша а
сийсазвоккхура Иза.

### Iийса кхалхар

(Марк 15:33-41; Лака 23:44-49; Яхьъя 19:28-30)

45 Делкъахенахь льатта цIеххьана Iаьржа бода
боьссира. Дийнахь кхо сахьт даллалц льаттира иза.
46 ‡‡†Делкъал тIаьхьа кхо сахьт долучу хенахь Iийсас
чIогIа мохь туьйхира: «Эли, Эли, лема сабахьтани?»
Цу дешнийн маьIна иштта ду: «Ва Сан Дела! Со
хIунда вити Ахьа?»
47 Кхузахь льатташ болчу цхьаболчара, и дешнаш
шайна хезча, элира: «И стаг Эли-ЯхIу-пайхамаре
кхойкхуш ву-кх!» 48 ‡‡‡Царах цхьаммо, ведда вахана,
худург кемсийн къонзи чу а Iоьттина, иза хьокхана
буьххье а йоьллина, Iийсага дIакховдийра, Цуьнга
малийтархьама.
49 Амма вукхара бохура: «Собар дел, хьовсур ду
вай, Эли-ЯхIу вогIий те ХIара кIелхьарваккха».
50 Iийсас кхин цкъа а мохь туьйхира. ТIаккха Шен
Са дIаделира Цо. 51 §ЦIеххьана Делан цIийна чохь
уггар езачу чоьнна дуьхьал оьллина долу кирхьа
лакхара дуьйна лаха кхаччалц декъаделира. Латта
дегадора, тIулгаш лелхара. 52 Къуббанаш
еллаелира, дуккха а Делан нах беллачуьра
денбира. 53 Iийса денвеллачул тIаьхьа, уьш, шайн
къуббанаш чуьра ара а бевлла, яхIудхоша сийлахь-
еза лоруш йолчу Ярушалайм-гIалина чу бахара,
уьш дуккха а болчу нахана ган а гира.
54 Iийса ларвеш хиллачу тIемалойн хьаькам а,
цуьнца цхьаьна хилларш а, шайна латта дегош а,
кхин а хилла долу хIуманаш гича, чIогIа
кхерабелира. Цара бохура: «Иза бакъонца Делан
КIант хилла!»
55 §†Геннара цу суьрте хьоьжуш льатташ дуккха а
зударий бара. Уьш Iийсаца Галилайра
схьабаьхкина бара, Цуьнан хьашташ
кхочушдархьама. 56 Царна юкъахь Магдалера
Марем а, Якъубан а, Юшан а нана Марем а,
Зевадин шина кIентан нана а яра.

### Iийса дIаволлар

(Марк 15:42-47; Лака 23:50-56; Яхьъя 19:38-42)

57 Суьйре тIееача, Рамат-гIалара Юсуп цIе йолу
хьалдолу стаг веара. Иза а вара Iийсан мурдех.
58 Пулат волчу а веана, цо, Iийсан дакъа шега
схьалахьара аьлла, дехар дира. Пулата, дакъа дIало
аьлла, омра дира. 59 Юсупа, дакъа схьа а эцна,
цIеначу кIади юккъе а хьарчийна, 60 ша шена
ломахь яьккхинчу керлачу къубббанна чу
охьадиллира. Цунна дуьхьал боккха тIулг а
карчийна, цу чу воьду меттиг дIа а къевлина, иза
дIавахара. 61 Магдалера Марем а, важа Марем а цу
къубббанна дуьхьал охьахиира.

### Къуббанна хIоттийна долу гIарол

62 Иза хилира пIерасканан дийнахь, Далла лерина
долчу шоьтан денна кечам бечу хенахь. ШолгIачу
дийнахь динан коьртачу дайша а, парушхоша а,
Пулат волчу а баьхкина, 63 §††элира: «Эла, тхуна
хIинца дагадеа иза: цу нах лебечо ша дийна волуш
элира: „КхоалгIачу дийнахь Со денлур ву“.
64 Цундела, и чохь волу къубба, и кхо де даллалц,
дикка ларъе алий, омра дехьа, Цуьнан мурдашка
дакъа, лачкъа а дина, дIа ца дахьийта. Цара эр ма
ду: „Иза веллачуьра денвелла“. ТIаккха шолгIа
аьлла харцдерг хьалха аьллачул а вон хир ду».
65 Пулата цаьрга элира: «Шайца гIаролхой схьа а
эций, даха а гIой, шайна бакъахьа хеттачу агIор
ларъе и къубба».

† *27:34 Забур 68:22.* †† *27:35 Забур 21:19.* ‡ *27:39 Забур 21:8; 108:25.* ‡† *27:40 Маттай 26:61; Яхьъя 2:19.* ‡‡ *27:43 Забур 21:9.* ‡‡† *27:46 Забур 21:2.* ‡‡‡ *27:48 Забур 68:22.*

§ *27:51 Арадаккхар 26:31-33.* §† *27:55, 56 Лака 8:2, 3.* §†† *27:63 Маттай 16:21; 17:23; 20:19; Марк 8:31; 9:31; 10:33, 34; Лака 9:22; 18:31-33.*

66 Цара, дIа а бахана, къуббанна чу воьду меттиг
чIагIйина хиларан билгало а йина, цигахь гIарол
дIахIоттийра.

### Iийса веллачуьра денвалар

(Марк 16:1-10; Лака 24:1-12; Яхьъя 20:1-10)

28 Далла лерина долу шоьтан де дIадаьлча,
кIирандийнахь, сатоссуш, Магдалера Марем
а, важа Марем а къуббане хьажа еара. 2 Эццахь
чIогIа мохк бегийра, хIунда аьлча Везачу Элан
*малик*, стигалара охьа а доьссина, къуббанна
дуьхьал биллина болу тIулг дIа а карчийна, цунна
тIе охьахиира. 3 Цуьнан амат, стелахаьштиг санна,
къегара, тIера бедарш, ло санна, кIайн яра.
4 ГIаролхой шайна и сурт гича, чIогIа кхерабелла,
бегош бара. Уьш беллачу нахах тарбеллера.
5 ТIаккха малик зударшка дистхилира: «Шу кхера
ма ло. Суна хаьа, аша жIарах дIатоьхна хилла Iийса
лоьхий. 6 Иза кхузахь вац. Цо Ша ма-аллара, Иза
денвелла. Даха а гIой, Цуьнан дакъа Iиллинчу
метте хьовса. 7 Цул тIаьхьа, сихха дIа а гIой, Цуьнан
мурдашка дIадийца: „Иза веллачуьра денвелла.
Галилай-махка Иза шул хьалха дIакхочур ву. Цигахь
шуна Иза гур а ву“. Иштта ду шуна соьгара дош».
8 Сихха къубба чуьра ара а яьлла, и шиъ,
шаьшшиъ чIогIа кхераелла, яхьийна йоллушехь,
йоккхаерца едда и хаам мурдашна дIахаийта
яхара.
9 ЦIеххьана царна новкъахь дуьхьалкхийтира
Iийса. Цо элира: «Маршалла ду шуьга». И шиъ, тIе а
яхана, Цуьнан когех хьакха а елла, Цунна хьалха
охьатаьIира. 10 Iийсас цаьрга элира: «Ма кхералаш.
Яха а гIой, Сан вежаршка Галилай-махка гIо ала.
Цигахь гур ву царна Со».

### ГIаролхоша хаам бо

11 Зударий мурдаш болчу дIабаханчу хенахь,
масех волчу гIаролхочо, гIала схьа а веана, динан
коьртачу дайшка дерриг а хилларг дIадийцира.
12 Къанойх дIа а кхетта, цаьрца барт а бина, динан
коьртачу дайша цу тIемалошна дуккха а ахча
делира. 13 Цара элира: «Аша массаьрга а ала деза:
„Буьйсанна Цуьнан мурдаша, схьа а баьхкина, тхо
дийшина долчу хенахь, Цуьнан дакъа, лачкъа а
дина, дIадаьхьира“. 14 И хаам мехкан
куьйгалхочунна дIахааахь, оха цуьнца барт бийр бу
шуна таIзар ца дайта».
15 Ахча схьа а эцна, цара, шайна ма-хьеххара,
нахе дIадийцира. И хаам жуьгташна юкъахь
дIасабаьржира. Таханлерчу дийне кхаччалц
схьадогIуш а ду иза.

### Iийсас мурдашна тIедиллинарг

(Марк 16:14-18; Лака 24:36-49; Яхьъя 20:19-23; Векалийн 1:6-8)

16 †Iийсас тIе-ма-диллара, Галилай-махкарчу лам
тIе дIавахара цхьайтта мурд. 17 Иза шайна гича,
уьш Цунна хьалха охьатаьIира, амма цхьаццаберш
шекбевлира. 18 Iийсас, тIе а веана, цаьрга элира:
«Стигалшкахь а, кху дуьнен чохь а мел йолу бакъо
Сан кара схьаелла. 19 ††Иштта, дерриге а
къаьмнашна тIе а доьлхуш, царна Сан мурдаш
хила Iамаде, Ден а, КIентан а, Делан Синан а цIарах
адамаш хих чекх а дохуш, 20 Ас шайна тIе мел
диллинарг кхочушдан а хьоьхуш. Ткъа Со массо а
хенахь шуьца хир ву, дуьненан чаккхе
тIекхаччалц».

---

† *28:16 Маттай 26:32; Марк 14:28.* †† *28:19 Векалийн 1:8.*

# Марк

### Дешхьалхе

хоуьйту «Дала леррина къобалвинчу Делан КIантах Iийсах лаьцна хаза кхаъ» хилар. ГIуллакхаш кхочуш деш волу а, олалла долуш волу а стаг Iийса вуйла гойтуш ду тептар тIехь. Цо адамашка кхайкхам барехь а, жинашна тIехь нуьцкъала Иза хиларехь а, нехан къиношна Цо гечдарехь а Цуьнан олалла гуш ду. Шаьш летийначу къинойх адамаш паргIатдахархьама Шен дахар дIадала веана ву Ша-Шех Адамийн КIант олу Iийса.
Iийсах лаьцна долу тептар хала йоцучу а, хьуьнаречу а кепехь яздина ду . И тептар яздеш, уггар хьалха Iийсас диначун, ткъа цул тIаьхьа бен Цуьнан дешнийн а, хьехамийн а чIагIо ца йо яздархочо. Нах хих чекхбохучу Яхьъях а, Iийса хих чекхваккхарх а, Иза зерах а лаьцна долу тептаран доца дIадолор (1:1-13) чекхдаьлча, Iийсас нах тобарх а, нахана хьехам бархь а лаьцна дийца доладо Марка (1:14–9:50). Хан мел йолу а, Iийсан мурдаш Цунах дика кхета буьйлало, амма Цуьнан мостагIийн гамо алсамйолуш хуьлу (10:1-52). Тептар дерзош долу кортош (11–16 кортош) Iийсан кху дуьнен тIехь долчу дахаран тIаьххьарчу кIиранна чохь хиллачу гIуллакхех лаьцна ду. Цу кортошкахь чIогIа леррина дуьйцуш ду Iийса жIарах дIатохарх а, Иза веллачуьра денваларх а лаьцна.
Тептаран уггар тIаьхьарчу коьртан дерзоран дакъа (16:9-20) къовларш юкъа лаьцна ду, хIунда аьлча дукхахьолахь хетало, и дакъа воцуш, кхечу стага яздина хилар.

### Дала леррина Къобалвинарг гучуваларна адам кечдо Яхьъя-пайхамаро
(Маттай 3:1-12; Лака 3:1-18; Яхьъя 1:19-28)

1 Дала леррина къобалвинчу Делан КIантах
Iийсах лаьцна *хаза кхаъ* болабелла иштта.
2 †ЕшаI-ЯхIу-пайхамаро шен заманахь яздинера:
«Хьажал! Хьуна хьалха Сайн геланча воуьйту Ас.
Цо Хьуна некъ кечбийр бу.
3 ††Яьссачу аренгахь кхойкхучун аз хезаш ду:
„Везачу Элана некъ кечбе,
нисде Цунна хьалха некъан тачанаш“».
4 Иза кхочушхуьлуш гучувелира Яхьъя. Цо,
яьссачу арахь адамаш хих чекх а дохуш, кхайкхам
бора: «Далла тIе а дерзий, шаьш хих чекхдахийта,
Деле шайн къиношна гечдайтархьама». 5 ЯхIуд-
махкара а, Ярушалаймера а дукха адам догIура
цунна тIе. Далла хьалха шайх даьллачу къиношна
дохко а бовлий, Йордан-хи чохь шаьш хих
чекхбохуьйтура наха Яхьъяга. 6 ‡Цо эмкалан
тIергIах дина духар леладора, шуьйра тIаьрсиган
доьхка а доьхкура. ЦIоз а, акха моз а дуура Яхьъяс.
7 Адамашна иштта хьехамаш бора цо:
«Барам боцуш сол нуьцкъалниг вогIу суна
тIаьххье. Цунна хьалха ур-атталла гора а хIоьттина,
Цуьнан мачийн бахтарш дIадаста хьакъ вац со.
8 Аса шу хих чекхдоху, ткъа Цо Делан Синах дузор
ду шу».

### Iийса хих чекхваккхар
(Маттай 3:13–4:11; Лака 3:21, 22; 4:1-13)

9 Оцу деношкахь Галилай-махкара Назарт-гIалара
Iийса а веара цига. Цо Яхьъяга Йордан-хи чохь Ша
хих чекхваккхийтира. 10 Iийса хи чуьра
хьалаволлушехь, Цунна а гуш, стигалш
дIаеллаелира. Кхокханан суьртехь Делан Са
доьссира Цунна тIе. И Делан Са Iийсана чу
дуьйлира. 11 ‡†Ткъа стигалара аз хезира:
«Хьо ву Сан хьоме КIант! Хьоьца бу Сан лаам».
12 Цу сохьта Делан Сино Иза яьссачу аренга
вахийтира. 13 Цигахь иблисо зуьйш, шовзткъа де
даьккхира Iийсас. Акхарошна юкъахь Iаш вара Иза,
маликаша Цунна гIуллакх а деш.

### Iийсас мурдаш къастабо
(Маттай 4:12-22; Лака 4:14, 15; 5:1-11)

14 Яхьъя, схьа а лаьцна, чувоьллинчул тIаьхьа,
хаза кхаъ кхайкхош, Iийса Галилай-махка вахара.
15 ‡‡Цо олура: «Хан тIекхаьчна. *Делан Олалла*
гергакхаьчна. Шайгара девллачу къиношна дохко
а довлий, Далла тIе а дерзий, хазачу кхоах теша».

† *1:2 Малъаки 3:1.* †† *1:3 ЕшаI-ЯхIу 40:3 (Грекийн).* ‡ *1:6 Сулим 1:8.*

‡† *1:11 Доладалар 22:2; Забур 2:7; ЕшаI-ЯхIу 42:1; Маттай 3:17; 12:18; Марк 9:7; Лака 3:22.* ‡‡ *1:15 Маттай 3:2.*

16 Галилай-Іомана юххехула чекхволуш, ШамІа а,
цуьнан ваша Іандар а гира Іийсана. Уьш чІерий
лоцу бой хи чу тосуш бохкура, шаьш
чІерийлецархой болу дела. 17 Іийсас элира цаьрга:
«Суна тІаьхьахІитта, ткъа Аса хІинца дуьйна
адамийн синош лецархой дийр ду шух». 18 Уьш,
сихонца шайн бойнаш а йитина, Іийсана
тІаьхьахІиттира.
19 Дехьо ваьлча, Цунна Зевадин кІант Якъуб а,
цуьнан ваша Яхьъя а гира. Уьш хинкеман чохь
чІерий лоцу бойнаш тоеш бара. 20 Іийсас цу сохьта
уьш схьакхайкхира, ткъа вуьш, шайн да Зевади
белхалошца хинкеман чохь а витина, Цунна
тІаьхьа хІиттира.

### Жино хьийзош волу стаг
(Лака 4:31-37)

21 Уьш Къапарнаме дІабуьйлабелира. Шоьтан де
тІе ма деъана, Іийсас *гуламан цІа* чу а вахана,
адамашна хьехамаш бира. 22 †Нах цецбуьйлура
Цуьнан хьехамех, хІунда аьлча Іеламчу наха санна
а доцуш, олалла долчо санна хьоьхура Іийсас.
23 ЦІеххьана гуламан цІа чохь жино хьийзош волу
стаг гучувелира, мохь а хьоьккхуш: 24 «Хьан хІун
гІуллакх ду тхоьца Назартара Іийса? Тхо хІаллакдан
веана Хьо? Суна хаьа Хьо мила ву – Делан
Везаниг!»
25 Іийсас омра дира жине: «ДІасаца! Арадала
цунна чуьра!» – аьлла.
26 ТІаккха, и стаг дІаса а виттина, чІогІа мохь а
хьаькхна, цунна чуьра араделира жин. 27 Чохь
берш чІогІа цецбевлла, вовшашка хетта
буьйлабелира: «И хІун керла хьехам бу? Ур-атталла
жинашна тІехь а олалла до Цо, ткъа вуккхара
Цуьнан омре ладугІу».
28 Дукха хан ялале Іийсах лаьцна Галилай-махкахь
массо а меттехь дуьйцуш дара.

### Іийсас дукха адам тодо
(Маттай 8:14-17; Лака 4:38-41)

29 Іийса Яхьъяца а, Якъубца а гуламан цІа чуьра
ара ма велли, ШамІа а, Іандар а волчу цІа вахара.
30 ШамІин стуннана чІогІа дагар долуш меттахь
яра, цара цунах лаьцна дийцира Іийсага. 31 Іийсас,
тІе а вахана, куьг а лаьцна, хьалагІатта гІо дира
зудчунна. Оцу сохьта дагар дІа а даьлла, царна
хьошалла дан йолаелира цомгушниг.
32 Сарахь, малх чубуьзначу хенахь, цигара массо
цомгушнаш а, жинаша хьийзош берш а балийра
Іийсана тІе. 33 Дукха адам гулделла дІахІоьттинера
неІаре. 34 Тайп-тайпана цамгарш йолу дукха нах
тобира Цо. Дукха жинаш а нахана чуьра арадехира
Іийсас, амма, Ша царна вевзий хууш, Іийсас ца
магадора, Ша мила ву дийца.
35 Іуьйранна, сатасале, цІера ара а ваьлла, цхьа а
адам доцучу метте вахара Іийса. Цигахь Цо доІа
дира. 36 Ткъа ШамІагІар Иза лаха арабевллера. 37 И
карийча, цара элира Іийсага: «Массо а Хьо лоьхуш
ву». 38 Ткъа Іийсас элира цаьрга: «Дуьло, юххехь
йолчу гІаланашка а, ярташка а гІо вай, цигахь
хьехамаш бан, хІунда аьлча Со цунна веана ма ву».
39 ††Галилай-махкахула жуьгтийн гуламан
цІеношкахь нахана хьехамаш а беш, жинаша
хьийзош болчарна чуьра жинаш ара а дохуш,
вахара Іийса.

### Іийсас дІа ца йоьрзу чкъуран цамгар йолу стаг тово
(Маттай 8:1-4; Лака 5:12-16)

40 ДІа ца йоьрзу йолу *чкъуран цамгар* йолуш цхьа
стаг веара Іийсана тІе. Іийсана хьалха гора а
воьжна, шена гІо дар а доьхуш, цо элира: «Хьайна
лиъча, со товийр вара-кх Ахьа».
41 Цу стагах дукха къа а хетта, цунах куьг а
Іоьттина, Іийсас элира: «Суна лаьа хьо товала!
ЦІанло!» 42 Цу сохьта, и цамгар дІа а яьлла, цу
стеган дегІ цІанделира. 43 Іийсас, и стаг сихонца дІа
а хьажош, чІогІа тІедилларца элира цуьнга:
44 ‡«Варелахь, хиллачух лаьцна цхьаьнгге а ма
дийцалахь. Ткъа хІинца ваха а гІой, хьо динан дега
а гайтий, Муса-пайхамаро тІе-ма-диллара, Далла
лерина сагІанаш даха. Хьо товаларан тоьшаллина
хир ду иза нахана хьалха».
45 Амма вукхо вахана массанхьа дийцина
хиллачух лаьцна, цундела, ма-бохху гІалахь
гучувала йиш ца хиларна, адам кІеззиг долчу
меттигашкахь соцура Іийса. ХІетте а массанхьара а
адам догІура Цунна тІе.

### Іийсас дегІан дола ца далуш волу стаг тово
(Маттай 9:1-8; Лака 5:17-26)

2 Масех де даьлча, Іийса Къапарнаме
юхавирзира. Иза цІа вирзина аьлла, хабар
даьржира. 2 И волчу дукха адам гулделира,
неІарехула чувала меттиг а ца юьсуш, ткъа Іийсас
царна хьехамаш бора. 3 Баьхкинчарна юкъахь шен
дегІан дола ца далуш волу стаг айина вахьаш
веана виъ стаг вара. 4 Амма адам тІех дукха
хиларна, уьш Іийсана тІе ца кхачалора. ТІаккха
цара, Іийса чохь волчу цІенна тІехула болчу тхов
тІе а бевлла, тховх Іуьрг а даьккхина, цомгушниг
шен мотт-гІайбица чу а воссийна, Іийсана хьалха
охьавиллира. 5 Церан Шех тешар гича,
цомгушчуьнга Іийсас элира: «Сан кІант, хьан
къиношна гечдина».
6 Цигахь хиъна Іаш масех *Іелам стаг* вара. Шайн
дагахь цара бохура: 7 «Иза хІун ду те хІокху стага
дуьйцург? Цо ма Іеса къамел до. Къиношна гечдан
хьенан бакъо ю, цхьа Дела воцучун?»
8 Цу сохьта, церан дог-ойла хууш, Іийсас цаьрга
элира: «ХІун ойланаш ю аша йийраш?
9 Цомгушчуьнга ала хІун ду атта: „Хьан къиношна
гечдина“, я: „ХьалагІатта, хьайн мотт-гІайба а эций,
дІагІо“? 10 Амма Суна лаьа шуна хаийта Адамийн
КІентан дуьнен тІехь къиношна гечдан олалла

† *1:22 Маттай 7:28, 29.*

†† *1:39 Маттай 4:23; 9:35.* ‡ *1:44 Іамалъяр 14:1-32.*

дуйла». ТӀаккха цомгушчуьнга Ӏийсас элира: 11 «Ас
боху хьоьга! Хьала а гӀаттий, хьайн мотт-гӀайба
схьа а эций, цӀа гӀуо!»
12 Важа, сихха хьала а гӀаьттина, шен мотт-гӀайба
а эцна, массарна а гуш аравелира. Чохь болчара
чӀогӀа инзарбевлла, Далла хастамаш беш, бохура:
«Тхуна цкъа а ца гина хӀуманаш ду-кх хӀорш!»

### Левига тӀекхайкхар

(Маттай 9:9-13; Лака 5:27-32)

13 Юха а Ӏоман берда тӀе веара Ӏийса. Цунна тӀе
дукха адам деара, ткъа Ӏийса царна хьехамаш бан
волавелира. 14 Юххехула чекхволуш, Цунна
ХӀалпайн кӀант Леви гира, ял схьагулъеш болчеран
бун чохь хиъна Ӏаш. Ӏийсас элира цуьнга: «Суна
тӀаьххье схьавола!» Леви, хьала а гӀаьттина, Цунна
тӀаьххье дӀавахара.
15 Цхьана дийнахь Ӏийса Левин цӀахь хӀума юуш
вара. Дуккха а ял йоккхурш а, къинош летийна
болу нах а бара Цуьнца а, Цуьнан мурдашца а,
хӀунда аьлча Ӏийсана тӀаьхьахӀиттинарш алссам
бара. 16 Къинош летийна болчу нахаца а, ял
йоккхуш болчаьрца а Ӏийсас хӀума юуш а гина,
*парушхойн* юкъара Ӏеламчу наха хаьттира Цуьнан
мурдашка: «Ял йоккхуш болчу а, къинош летийна
болчу а нахаца хӀума хӀунда йоу Цо?» – аьлла.
17 Ӏийсас, и хезна, элира: «Могуш болчарна лор
оьшуш вац, цомгуш болчарний бен. Бакъахьара
лелачаьрга кхайкхам бан ца веана Со, къинош
летийначаьрга бен».

### Марха кхабарх лаьцна

(Маттай 9:14-17; Лака 5:33-39)

18 Оцу хенахь Яхьъян мурдаш а, парушхойн
мурдаш а *марханаш* кхобуш бара. Цкъа масех
стага, тӀе а веана, хаьттира Ӏийсага: «И хӀун ду?
Яхьъян мурдаша а, парушхоша а марха кхобу, ткъа
Хьан мурдаша цкъа а марха кхобуш ма ца го?!»
19 Ӏийсас жоп делира царна: «Масала, зуда ялийна
меттиг хилча, зуда ялош волчун накъосташа и зуда
ялош верг шайна юкъахь мел ву, марха кхобур дуй,
шаьш гӀайгӀане хилар гойтуш? И стаг шайца мел ву,
церан марха кхаба йиш яц. 20 Ткъа цхьа хан йогӀур
ю, и зуда ялийнарг дӀа а вигна, тӀаккха цара марха
а кхобуш, уьш сингаттаме а хуьлуш».
21 ТӀаккха Ӏийсас кхин а цхьа хьекъале дустар
далийра царна: «Ширачу духар тӀе, керлачу кӀадих
а яьккхина, йома латор яц цхьаммо а, хӀунда аьлча
и йома тӀеттӀа а яхана, бедар тӀе а оьзна, и Ӏуьрг
кхин а доккха хир ду. 22 Я цхьаммо а керла чагӀар
ширачу *пӀаьлдиг* чу ца дутту, хӀунда аьлча и
пӀаьлдиг а бетӀар бу, чагӀар а Ӏенар ду. Керла чагӀар
керлачу пӀаьлдиг чу дутту».

### СадоӀучу шоьтан дийнахь буьртигаш схьадахар

(Маттай 12:1-8; Лака 6:1-5)

23 †Цкъа шоьтан дийнахь кӀа дийначу арахула
чекхволуш вара Ӏийса. Цуьнан мурдаша цигахула
бовлуш кӀен кенаш схьадохура. 24 ТӀаккха и гиначу
парушхоша хаьттира Цуьнга: «Хьажахь, Дала
кхоьллинчу шоьтан садоӀучу дийнахь дан мегаш
доцу гӀуллакх хӀунда до цара?» – аьлла. 25 Ткъа
Ӏийсас жоп делира царна: «Аша ца дешна, Дауд-
паччахьо ша а, шен накъостий а мацбелча, динчух
лаьцна? 26 ††Иза, *динан коьрта да* Абу-ЯтӀари волчу
хенахь, *Делан цӀа* чу а вахана, Далла къобалдина
долу бепиг схьа а эцна, ша а диина цо, шеца болчу
накъосташна а делла. Ткъа и бепиг динан дайшна
бен даа мегаш ца хилла».
27 КхидӀа а Ӏийсас элира цаьрга: «Шоьтан де
адамашна кхоьллина ду, амма адам кхоьллина дац
шоьтан денна. 28 Цундела *Адамийн КӀант* Дала
кхоьллинчу шоьтан денна тӀехь а Эла ву».

### Ӏийсас куьг заьӀап долу стаг тово

(Маттай 12:9-14; Лака 6:6-11)

3 Цхьана шоьтан дийнахь юха а *гуламан цӀа* чу
веара Ӏийса. Цигахь куьг заьӀап долуш цхьа
стаг вара. 2 Цхьадолу адамаш чӀогӀа Ӏийсан тергам
беш дара, Далла леринчу шоьтан дийнахь Цо
дарба до те я ца до те хьоьжуш, юха Иза бехке
вархьама. 3 Ӏийсас куьг заьӀап долчу стаге элира:
«Хьала а гӀаттий, массарна хьалха дӀахӀотта».
4 ТӀаккха оцу нахе Ӏийсас хаьттира: «ХӀун боху
бакъоно, Далла леринчу шоьтан дийнахь хӀун дан
мегаш ду, дика я вон? Стеган дахар кӀелхьардаккха
я иза хӀаллакдан?»
Ткъа уьш бист ца хилира
5 ТӀаккха, цаьрга массаьрга а реза воцуш хьажа а
хьаьжна, церан къиза дегнаш хиларна
халахетарца, Ӏийсас элира куьг заьӀап долчу стаге:
«Схьакховдаде хьайн куьг!» Вукхо куьг
схьакховдийра – иза оцу сохьта тоделира. 6 Ткъа
*парушхой*, ара а бевлла, сихонца ХӀародан
адамашца барт бан буьйлабелира, Ӏийса шаьш
муха хӀаллаквийр вара те бохуш.

### Берда тӀехь Ӏийсана гонах дуккха а адам гулдалар

7 Цу хенахь Ӏийса Шен мурдашца Ӏома йисте
веара. Дукха адам дара Цунна тӀаьхьа лелаш.
Галилай-махкара а, ЯхӀуд-махкара а,
8 Ярушалаймера а, Эдом-меттигера а, Йорданан
тӀехьара а, Цора-гӀалина а, ЦӀадан-гӀалина а гонах
Ӏаш долу дукха адам деанера И волчу. Цо дечу
гӀуллакхех лаьцна шайна хезна дела баьхкинера
Цунна тӀе уьш. 9 ‡Адам дукха тӀех гулдаларна,
цаьрга Ша ца хьашийтархьама, хинкема
кечдайтира Ӏийсас Шен мурдашка. 10 Дукхахболчу
баьхкинчарна дарба дира Цо, цундела массо а
цомгушнаш Ӏийсана юххе гӀертара, Цунах куьг Ӏотта
гӀерташ. 11 ХӀоразза а харц жинашна Ӏийса гича,
Цунна хьалха охьаоьгура уьш, мохь а хьоьккхуш:
«Хьо *Делан КӀант* ву!» – бохуш. 12 Ткъа Ӏийсас чӀогӀа
доьхкура царна, Ша мила ву ма дийца бохуш.

† *2:23 Карлабаьккхинарг 23:25.* †† *2:25, 26 Шамъал 21:1-6.*
‡ *3:9, 10 Марк 4:1; Лака 5:1-3.*

### Шийтта векал харжар
(Маттай 10:1-4; Лака 6:12-16)

13 Юха Іийсас, лам тІе хьала а ваьлла, мурдашна
юкъара Шена оьшурш тІекхайкхира. Уьш Цунна тІе
баьхкира. 14 Царна юкъара Іийсас шийтта мурд
схьакъастийра (царах Цо *векалш* элира), уьш Шена
юххехь хилийтархьама а, цаьрга хьехамаш
байтархьама а, 15 адамашна чуьра жинаш арадаха
церан олалла хилийтархьама а. 16 Іийсас къастийна
векалш хІорш бара: ШамІа (Іийсас тІаьхьа, Кипа
аьлла, цІе тиллинарг), 17 Зевадин кІант Якъуб,
цуьнан ваша Яхьъя, (шайна Іийсас, Баней-Раговш
аьлла, цІе тиллинарш, иза «ткъесан † кІентий»
бохург ду), 18 Іандар, Пилап, Барталамай, Маттай,
ТІама, ХІалпайн кІант Якъуб, Тхьада, ШамІа (ша
тІелаьцнарг тІевирззина кхочушдан гІертарг),
19 ЯхІуд-Искархо а, тІаьхьа ямартхо хилларг.

### Іийса а, БаІал-Зебула а
(Маттай 12:22-32; Лака 11:14-23; 12:10)

20 Цул тІаьхьа Іийса цІа чу вахча, юха а дукха нах
гулбелира, ур-атталла юург яа а меттиг ца
йолуьйтуш Іийсана а, Цуьнан мурдашна а. 21 Іийсан
цІерачарна цунах лаьцна хезча, уьш Иза дІавига
баьхкира, хІунда аьлча наха дуьйцура, Иза лар
тІехь вац бохуш. 22 ††Ткъа Ярушалаймера баьхкинчу
Іелам наха олура: «Цунна чу БаІал-Зебула-жин
доьлла! Оцу харц жинийн элан олаллица жинаш
арадоху Цо адамашна чуьра!»
23 ТІаккха Іийсас, уьш Шена тІе а кхайкхина,
дустарш далийра царна: «Иблисо муха эккхор ду
иблис? 24 Цхьана пачхьалкхехь вовшашлахь тІом
хилча, и пачхьалкх хІаллакьхир ю. 25 Я цхьана
доьзалехь цхьа барт бацахь, иза а бухур бу. 26 Ткъа
иблис ша-шена дуьхьал даьлча, иблисан олалла
шена чохь а декъаделча, иза кхин латталур дац,
цуьнан тІаьххьара де тІекхочу.
27 Цхьа а ца воьду шел онданиг волчу цІа чу,
цуьнан хІуманаш лачкъо, цкъа хьалха иза
дІавихкина бен, къола далур дац цуьнан цІахь.
28 Баккъалла а боху Аса шуьга: „Адамийн
кІенташна муьлхха а къиношна гечдийр ду, цара
Дела сийсазвар а тІехь, 29 ‡амма Делан Са
сийсаздинчунна цкъа а гечдийр дац, иза
гуттаренна къинойн баланехь хир ву“».
30 Иштта дешнаш элира Іийсас, Шех лаьцна наха
«Иза харц жинашца тайна ву», – олу дела.

### Іийсан нана а, вежарий а
(Маттай 12:46-50; Лака 8:19-21)

31 Іийса волчу Цуьнан наний, вежарий баьхкира.
Уьш арахь севцира. Цара Іийса аракхайкхира,
32 хІунда аьлча, гонах хиъна дукха адам хиларна,
Цунна тІе ца кхачалора уьш. Іийсага элира:
«Хьажахь, Хьан наний, вежарий, йижарий бу-кх
арахь Хьо хоьттуш».
33 Цо жоп делира: «Муьлш бу Сан наний,
вежарий?» 34 ТІаккха, Шена гонах хевшина
болчаьрга а хьаьжна, Іийсас элира: «ХІорш бу Сан
наний, вежарий! 35 ХІунда аьлча Делан лаам
кхочушбеш берш бу Сан ваша а, йиша а, нана а».

### Ахархочух лаьцна хьекъале дустар
(Маттай 13:1-9; Лака 8:4-8)

4 ‡†Юха а цхьана дийнахь Іоман берда тІехь
хьехамаш беш вара Іийса. Цунна гонах
гулделла дукха адам дара. Цундела Иза,
хинкеманна тІе а ваьлла, Іоман йистера дехьо
велира, ткъа адамаш берда тІехь дисира. 2 Дукха
хьехамаш бора Іийсас царна, хьекъале дустарш
далош. Иштта дийцира Цо цаьрга:
3 «ЛадогІал! Цхьа ахархо шен кха тІе хІу таса
араваьлла. 4 Цо хІу тосучу хенахь цхьадолу
буьртигаш некъан йистехула охьаэгна хилла.
Схьадаьхкинчу олхазарша уьш дІадиъна. 5 Важа
буьртигаш жагІа а болуш, латта кІеззиг долчу метте
охьаэгна хилла. Цу буьртигаша сихха зІийдигаш
тесна, хІунда аьлча цигахь латта кІезиг дара. 6 Малх
кхетча, цо и зІийдигаш ягийра, церан орамаш
кІорга ца хиларна, уьш якъаелира. 7 Кхидерш
коканийн коьллаш юкъа ийгира, амма коьллаша,
юкъ а елла, хІун зІийдигаш къайлаехира. Цара ялта
ца делира. 8 Ткъа важа долу хІу, дика латта долчохь
а нисделла, зІийдигаш а тесна, уьш хьала а евлла,
цара ялта делира, ткъе итт, кхузткъа а, ур-атталла
бІе а хІу а луш хІора кено а».
9 ТІаккха Іийсас элира ладугІучаьрга: «Лергаш
долчунна дІахозийла хІара».

### Дустаран маьІна довзийтар
(Маттай 13:10-17; Лака 8:9, 10)

10 Іийса Ша висча, шийтта векало а, юххерчу
кхечу мурдаша а хаьттира Цуьнга дустарех лаьцна.
11 Іийсас жоп делира цаьрга: «Шун таро ю Делан
Олаллех йолу къайленаш йовза, ткъа кхечарна
ишттачу дустаршца дуьйцу Аса,
12 ‡‡„царна, хьоьжжушехь, хІумма а ца
гайтархьама,
хеззашехь, уьш ца кхетийтархьама,
кхечу тайпана хилча, уьш Суна тІебоьрзур бара,
ткъа Ас гечдийр дара царна“».

### Ахархочух лаьцначу дустаран маьІнах кхетор
(Маттай 13:18-23; Лака 8:11-15)

13 Іийсас элира мурдашка: «Шу а ца кхета те оцу
дустарх? ТІаккха кхечу дустарех муха кхетар ду те
шу? 14 Ахархочо дуьйш дерг Делан Дош ду.
15 Цхьадолу адамаш некъа йисте доьжначу хІух
тера ду. Царна Делан дош хеза, амма, цу сохьта
*иблис* а догІий, цо церан дегнаш чу доьжна дош

---

† *Ткъесан кІентий *– кхечу тайпана аьлча: *карзахе кІентий.** †† *3:22 Маттай 9:34; 10:25.* ‡ *3:29 Лака 12:10.*

‡† *4:1 Лака 5:1-3.* ‡‡ *4:12 ЕшаІ-ЯхІу 6:9, 10 (Грекийн).*

дIахьо. [16] Кхиберш тера бу тIулгашна юккъе эгначу
хIух. Шайна Делан дош хезча, хазахетарца, сихонца
схьалоцу цара и дош. [17] Амма церан хила ма-
беззара орам боцу дела, уьш кIеззигчу ханна бен
ца латта. Ткъа и дош бахьана долуш, шайна тIе
халонаш хIиттича, уьш сихха юхабовлу. [18] Вуьш
тера бу коканийн коьллаш юккъе эгначу буьртигех.
Уьш дош хезнарш бу, [19] амма дахаран гIайгIанаша
а, хьолах Iехабаларо а, кхечу лаамаша а и хезна
дош дицдолуьйту, цара шайн дахарехь стом а ца
ло. [20] Ткъа цхьаберш бу хьийкъинчу лаьтта тIе
эгначу буьртигех тера. Уьш дош а хезна, иза даго
тIе а эцна, пайден стом луш берш бу – наггахь ткъе
уьттазза, наггахь кхузткъазза а, я бIозза а сов луш».

### Кхабина буха хIоттийна стогар
(Лака 8:16-18)

[21] †Кхин дIа а Iийсас элира: «Цхьаммо стогар
латийча, иза Iункарнехьа хIоттийначу кхабина я
маьнги кIел хIотторхьама а бохьий чу? Я иза лаккха
хьалахIоттабан бахьа чу? [22] ††ХIунда аьлча мел
йоккха къайле а, цхьанна а ца хууш юьсур яц, мел
чIогIа лечкъийнарг а гIар ца долуш а, гучу ца
долуш а дуьсур дац. [23] Хезаш волчунна дIахезийла
хIара!»
[24] ‡Кхин а тIетуьйхира Iийсас: «Дикка кIоргера
ойла елаш, шайна хезначух лаьцна. Аша нехан ма-
хаддора, Дала шун а хадор бу мах, ткъа шун кхин а
лакхара хадор бу. [25] ‡†ХIунда аьлча долчунна кхин а
тIелур ду, ткъа доцучуьнгара цуьнан данне а
доцург а дIадоккхур ду».

### Даьлла догIучу кIен буьртигех лаьцна дустар

[26] ТIаккха Iийсас элира: «Делан Олаллех лаьцна
иштта кхета мега. Цхьана стага лаьтта хIу тосу.
[27] Буса и стаг, охьа а вуьжий, Iуьйранна хьалагIотту.
Ткъа хIу цу хенахь, хьала а долий, кхуьу. Иза муха
хуьлу стагана шена а ца хаьа. [28] Лаьтто ша кхиадо и
хIу: хьалха зIийдиг а тосий, тIаккха гIа а долий, кIен
буьртигаш а хуьлий, дIахIутту. [29] ‡‡КIен буьртигаш
хилла девлча, ахархочо марс схьаоьцу, кIа хьокху
хан тIееана дела».

### ХIух лаьцна хьекъале дустар
(Маттай 13:31, 32, 34; Лака 13:18, 19)

[30] Цул тIаьхьа Iийсас кхин а хаьттира: «Стенца
дуста мегар ду *Делан Олалла*? Я муьлхачу дустарца
дуьйцур ду цунах лаьцна? [31] Лаьтта тIехь уггаре а
жимачу хIуьнах тера ду иза, и дIадуьйчу хенахь.
[32] Амма иза дIадийначул тIаьхьа, хьала а долий,
бешан дитташ юкъахь уггаре а доккха дитт хуьлий
дIахIутту. Стигаларчу олхазарша а баннаш дан
тарло цуьнан гаьннаш тIехь».
[33] Иштташу кхин а дуккха а дустаршца хьехамаш
бора Iийсас – адамаш кхетар долчу тайпана.
[34] Дустар ца далош, Цо хIумма а ца дуьйцура царна,
ткъа Шен мурдашца Ша висча, Цо дерригенах
кхетабора уьш.

### Iийсас хи тIехь баьлла мох сацабо
(Маттай 8:23-27; Лака 8:22-25)

[35] Цу дийнахь суьйранна Iийсас элира Шен
мурдашка: «Iоман дуьхьаларчу берда тIе довла
вай». [36] ТIаккха цара адамаш а дитина, Iийса
хинкеман тIехь ма-хиллара шайца дIавигира. Хи
чохь кхераниг доцург кхин а кеманаш дара.
[37] ЦIеххьана, чIогIа мох а баьлла, тулгIенаша кеман
чу хи даьккхира, кема хих дузуш дара. [38] Iийса цу
хенахь кеманан цIоганехь вара, гIайби тIе корта а
биллина, наб кхетта Iаш. Мурдаша, Иза сама а
ваьккхина, элира: «Устаз! Хьуна бен а ца хета те вай
хин буха дахар?» [39] ТIаккха Iийсас, хьала а
гIаьттина, мохе омра а дина, хине элира: «ЛагIло!
ДIате! Сацийта!» Мох сецира, цхьа а гIар-тата
доцуш, тийналла дIахIоьттира. [40] Ткъа мурдашка Цо
элира: «Шу кхера хIунда кхоьру? Шун дегнаш чохь
хIинца а тешар дац те?»
[41] Амма уьш чIогIа кхерабелла хиларна, цара
цецбовларца вовшашка хоьттура: «ХIара мила ву
те, ур-атталла мох а, хиш а Цунна къарлуш хилча?»

### Iийсас ГIарас-меттехь жинаша хьийзош волу стаг туовар
(Маттай 8:28-34; Лака 8:26-39)

5 Iийса шен мурдашца дуьхьаларчу берда тIехь
лаьттачу ГIарас цIе йолчу меттиге веара. [2] Иза
хинкеманна тIера лаьтта ваьлча, Цунна дуьхьал
нах дIабухкучу хьехаш чуьра жинаша хьийзош
волу цхьа стаг веара. [3] Оцу хьехаш чохь Iаш вара
иза. Цхьаьнгге а ур-атталла зIенашца а дIа ца
вехкалора иза, [4] хIунда аьлча мосуьйттазза а
зIенашца вихкича а, когех буржалш тоьхча а, цо
уьш хедадора. Цхьаьнггахь а иза теван ницкъ а
бацара. [5] Массо дийнахь а, буса а къуббанашна а,
баьрзнашна а юккъехула а лелаш, чIогIа мохь а
хьоькхуш, тIулгех ветталуш лелара иза.
[6] Геннара Iийса вогIу а гина, дуьхьал а ведда,
Цунна хьалха гора а воьжна, [7] чIогIа мохь
хьаькхира цо: «Хьуна хIун оьшу соьгара, Iийса,
Веза Воккхачун КIант? Делан дуьхьа доьху Хьоьга,
ма хьийзавехьа со?» [8] Ткъа Iийсас хIетале омра
динера жине: «Арадала оцу стагана чуьра!» – аьлла.
[9] ТIаккха Iийсас хаьттира жине: «ХIун ю хьан цIе?»
– бохуш.
Вукхо жоп делира: «„Эскар“, хIунда аьлча тхо
дуккха а ду». [10] Оцу жинаша чIогIа дехар дира
Iийсага, шаьш оцу махкара дIа ма довлийтахьара
аьлла. [11] Циггахь лам тIехь бежаш хьакхарчийн
боккха бажа бара. [12] Жинаша Iийсага дийхира,
шаьш царна чу довлийтахьара аьлла. [13] Цо царна
пурба делира. Жинаш, оцу стагана чуьра ара а
девлла, хьакхарчашна чудевлира. Ши эзар гергга

† *4:21 Маттай 5:15; Лака 11:33.* †† *4:22 Маттай 10:26; Лака 12:2.* ‡ *4:24 Маттай 7:2; Лака 6:38.* ‡† *4:25 Маттай 13:12; 25:29; Лака 19:26.* ‡‡ *4:29 Юал 3:13.*

йолу хьакхарчий, лекхачу берда тIера хи чу а лилхина, Iоман буха яхара.

14 Iуй, бевдда дIа а бахана, гIалахь а, юххерчу ярташкахь а хиллачух лаьцна дуьйцуш бара. Нах хьажа баьхкира, хилларг хIун ду те аьлла. 15 Iийсана юххе баьхкича, и жинаша хьийзина волу стаг, тIе хIума а юьйхина, метта а веана, шайна гича, уьш кхерабелира. 16 И дерриг гиначара дийцира баьхкинчаьрга цу стагах а, хьакхарчех а хиллачух лаьцна.

17 ТIаккха цигара бахархоша дийхира Iийсага, шаьш а, шайн мохк а битина, дIагIахьара Хьо аьлла.

18 Iийса хинкеман тIе волуш, жинех паргIатваьллачу стага ша а вигар дийхира Цуьнга. 19 Амма Iийсас цунна ца магийра иза. Цо элира: «ЦIа а гIой, хьайн цIерачаьрга дийца Везачу Эло хьайна мел дика дина а, Цо хьайх мел боккха къинхетам бина а».

20 Оцу стага, дIа а вахана, Иттшахьар-махкахь бехачу нахе Iийсас шена динчу доккхачу диканах лаьцна дийцира, ткъа массо а цецбуьйлура.

### Яиран йоI еллачуьра денъяр а, цомгуш йолу зуда туояр а

(Маттай 9:18-26; Лака 8:40-56)

21 Iийса Шен мурдашца хинкеман тIехь Iоман берда тIе юхавеача, Цуьнга хьоьжуш дукха адам дара. Уьш Цунна гонах гулделира. 22 Оцу хенахь И волчу *гуламан цIа* чохь куьйгалхо волу Яир веара. Iийса а гина, иза, Цуьнан когашка охьа а воьжна, 23 чIогIа дехар дан хIоьттира: «Сан йоI леш ю. Доьху Хьоьга, ван а волий, цунна тIе куьйгаш а дахкий, то а яй, дийна йисийтахьа иза», – бохуш.

24 Iийса Яирца дIавоьдуш, Цунна тIаьххье дукха адам дахара, Иза халла бен чекх а ца валалуш. 25 Царна юкъахь цхьа зуда а яра, шийтта шарахь цIий ца соцуш, бала хьоьгуш йолу. 26 Дуккха а лоьраша гIо дечу метта бала хьегийтинера оцу зудчуьнга. Амма лоьрашна шен долахь мел дерг а дойуш, алссам харж йича а, гIоле хуьлучу метта, кхин а чIагIъеллера иза. 27 Iийсах лаьцна шена хезча, цо, адамашна юккъехула тIехьашха Цунна тIе а яхана, Iийсан бедарх куьг Iоьттира. 28 ХIунда аьлча оцу зудчо ойла йинера: «Нагахь санна Цуьнан тIера бедарх хьакхаелча а, со толур ю», – аьлла. 29 Оцу сохьта дIаоьху цIий а сецна, ша тоеллий хиира зудчунна.

30 Ткъа Iийсана сихха хааделира Шех ницкъ дIакъаьстиний. Гонах долчу адамашкахьа а вирзина, Iийсас хаьттира: «Мила ву Сан бедарх куьг Iоьттинарг?» – аьлла.

31 Цуьнан мурдаша элира: «Хьайна тIегIоьртина оццул адам гушшехь, хоьтту-кх Ахь: „Мила ву Сох куьг Iоьттинарг?“»

32 Амма Iийса леррина гонах хьоьжура, и динарг мила ву те ган лууш. 33 ТIаккха зудчо, шена хилларг хIун ду а хиъна, дукха кхераяларна ега а еш, Iийсан когашка а йоьжна, дерриге а ма-дарра дIадийцира Цуьнга. 34 Ткъа Iийсас элира зудчуьнга: «Сан йоI, хьан тешаро тойина хьо. Маьрша дIагIо хьайна, хIинца чул тIаьхьа кхин оцу цамгаро хьийзор яц хьо».

35 Iийса къамел дина а валале, гуламан цIийнан куьйгалхочун Яиран цIера геланчаш баьхкира. «Хьан йоI елла. Устазана хало ян ца оьшу», – элира цара.

36 Ткъа, цара дуьйцург а хезна, Iийсас Яире элира: «Кхера ма ло, амма теша». 37 Кипа а, Якъуб а, Якъубан ваша Яхьъя а бен, кхин цхьа а ца ваийтира Iийсас Шеца. 38 Уьш Яиран керта схьакхаьчча, Цунна доьхна а, чIогIа доьлхуш а адамаш гира. 39 ЦIа чу ваьлча, Iийсас элира цаьрга: «Аша хIун до доьхна а, доьлхуш а? ЙоI елла яц, иза йижина ю».

40 Ткъа адамаш Цунах дуьйлуш дара цадашарца. Iийсас массо а араваьккхира. Шеца йоьIан да-нана а, цигахь волу кхо мурд а эцна, йоI йолчу чоьхьавелира Иза. 41 Iийсас, йоьIан куьг схьа а лаьцна, элира: «ТалитIа кхуми!» (иза «ЙоI, хьалагIатта боху хьоьга!» – бохург ду). 42 И ма-элли, йоI, хьала а гIаьттина, дIайолаелира (иза шийтта шо кхаьчна йоI яра). Чохь берш чIогIа цецбевлла биснера. 43 Iийсас чIогIа тIедиллира царна хилларг цхьаьнгге а цахаийтар. «ЙоIана яа хIума ло», – элира Цо цаьрга.

### Iийса Назарт-гIалахь тIе ца оьцу

(Маттай 13:53-58; Лака 4:16-30)

6 Оцу меттигера ара а ваьлла, Ша кхиинчу гIала веара Iийса. Цуьнца Цуьнан мурдаш а бара. 2 Шоьтан де тIедеача, *гуламан цIа* чохь хьехамаш бан волавелира Иза. Дукххахболчара Iийсага ла а дугIий, инзарбовларца а, шеконца а вовшашка хоьттура: «Мичахьара баьлла те Цунна и хьехам? И хIун хьекъал ду те Цунна делларг, и инзаре хIуманаш а хуьлуш Цуьнан куьйгашца. 3 Ша дечиган пхьар а волуш, оцу Якъубан а, Юшан а, ЯхIудан а, ШамIин а ваша а волуш, Мареман кIант вац Иза? Кхузахь, вайна юкъахь, бац Цуьнан йижарий а?»

Оцу нахана Иза къобалван ца лиира. 4 †Ткъа Iийсас элира цаьрга: «Ша схьаваьллачу меттигехь а, шайчарна юкъахь а, шен цIахь а бен ца хуьлу пайхамар наха ца лоруш». 5 Цигахь башха тамашийна хIума ца даделира Iийсага, цхьаццаболчу цомгушчу нахана тIе куьйгаш а дехкина, уьш тобар бен. 6 Iийса чIогIа цецвуьйлура оцу нехан цатешарх.

### Iийсас шийтта векал дIахьажор

(Маттай 10:5-15; Лака 9:1-6)

ТIаккха ярташкахула адамашна хьехамаш бан вахара Иза. 7 Шен шийтта *векал* тIе а кхайкхина, уьш шишша а бекъна, царна харц жинашна тIехь

† *6:4 Яхьъя 4:44.*

олалла дан бакъо а елла, уьш цхьаццанхьа
дӀасахьажийра Ӏийсас. 8 Ткъа уьш дӀабуьйлалуш, Цо
цаьрга элира: «Шайца хӀумма а схьа ма эца: я бепиг
а, я тӀоьрмаг а, я юкъах дихкина ахча а, еккъа
некъан Ӏаса йоцург. 9 Кога юьйхина мачаш а,
шайна тӀехь йолу цхьа бедар а бен, сов хӀумма а ма
хьуо». 10 Кхин а тӀетуьйхира Цо: «Шаьш дуьххьара
даханчу цӀеношкахь саца, оцу гӀалара
арадовллалц. 11 †Нагахь санна шаьш цхьана
меттигехь тӀе ца лацахь а, я ла ца догӀахь а, шаьш
цигара дӀадоьлхуш, шайн когаш тӀера чан
охьаегае. Шу тӀе ца эцначу нахана дуьхьал
тоьшалла хир ду иза».
12 ТӀаккха къинош летийнарш метта а
бохкуьйтуш, Далла тӀеберзорхьама, кхайкхамаш а
беш, дӀабуьйлабелира векалш. 13 ††Дуккха а нахана
чуьра жинаш ара а дохуш, дуккха а цомгушчарна
*зайтдаьтта* а хьоккхуш, уьш тобира цара.

### Яхьъя-пайхамаран дӀакхалхар

(Маттай 14:1-12; Лака 9:7-9)

14 ‡Ӏийсан цӀе дикка массанхьа а яьржина
хиларна, ХӀарод-паччахьна а дӀахезира Цунах
лаьцна. Цхьаболчара Ӏийсах лаьцна: «Иза
веллачуьра денвелла нах хих чекхбоху Яхьъя ву,
цундела Цо инзаре хӀуманаш до», – олура.
15 Вукхара олура: «Иза Эли-ЯхӀу-пайхамар ву». Ткъа
кхозлагӀчара тоьшалла дора: «Иза, ширачу
заманахьлера пайхамарех терра а волуш, цхьа
пайхамар-м ву», – бохуш.
16 И шена хезча, ХӀарода элира: «Аса корта тӀера
баккхийтина Яхьъя веллачуьра денвелла», – аьлла.
17 ‡†ХӀарода, шена йигна йолу, шен вешин Пилапан
зуда ХӀародад бахьана долуш, омра динера, Яхьъя,
схьа а лаций, набахти чу волла аьлла. 18 ХӀунда
аьлча Яхьъяс аьллера ХӀароде, цо шен вешин зуда
шена йигар Ӏедалехь нийса дац аьлла. 19 Цундела
ХӀародад хьагӀ хилла яра Яхьъяна, иза вийна а,
дӀаваккха лууш. Амма и дан цуьнан таро яцара,
20 хӀунда аьлча ХӀарод Яхьъях ийзалуш вара, иза
бакъонца лелаш а, Дала вазвина а стаг вуй хууш.
Цо иза лар а вора.
Яхьъяс бечу кхайкхамашка там хиларца ладугӀура
ХӀарода, цара шен гуттара а синтем бойушехь.
21 Цкъа ХӀарода ша вина де даздечу дийнахь,
доккха той хӀоттийра, пачхьалкхан а, тӀеман а
хьаькамаш а, хьалдолу нах а кхайкхина. 22 Ткъа
ХӀарододан йоӀ, юкъа а яьлла, халха яьлча, чӀогӀа
там хиллера ХӀародана а, цуьнан хьешашна а.
ТӀаккха ХӀарода оцу йоӀе элира: «Хьайна луъург еха
соьгара, ахьа ехнарг аса дӀалур ю хьуна», – аьлла.
23 Цо, дуй биъна, чӀагӀо йира: «Хьуна лиънарг лур ю
хьуна, ур-атталла сайн ах пачхьалкх а», – аьлла.
24 ЙоӀа, ара а яьлла, шен нене хаьттира: «ХӀун еха
аса», – аьлла.
Ткъа вукхо жоп делира: «Нах хих чекхбохучу
Яхьъян корта беха», – аьлла.
25 ЙоӀа, сихха пачхьахьна тӀе а яхана, дийхира:
«Ахьа хӀинцца шуьна чохь нах хих чекхбаьхначу
Яхьъян корта балар лаьа суна», – аьлла.
26 Паччахьна и чӀогӀа новкъадеара, делахь а ша
оцу хьешашна хьалха дуй биъна дела, цо дуьхьало
ца йира оцу дехарна. 27 ХӀарода оцу сохьта чалтач
вахийтира, цуьнга, Яхьъян корта тӀера а баккхий,
схьаба аьлла, омра а дина. Вукхо вахана набахти
чохь, Яхьъян корта а баьккхина, 28 схьа а беана,
шуьна чохь йоӀе дӀакховдийра, ткъа йоӀа шен нене
белира иза. 29 Яхьъян мурдашна иза хезча, цара
баьхкина, цуьнан дегӀ схьа а эцна, къубба чу
диллира.

### Пхи эзар стаг вузор

(Маттай 14:13-21; Лака 9:10-17; Яхьъя 6:1-14)

30 Векалша юхабирзича, Ӏийсана гонах а хевшина,
шаьш лелийначу гӀуллакхех а, шаьш нахана
хьехначух а лаьцна дийцира Цуьнга. 31 Ӏийсас
элира цаьрга: «Шуьга са а доӀуьйтуш, адам доцучу
метте дӀадовла вай цхьаьна». ХӀунда аьлча уьш
болчу меттехь чӀогӀа дукха нах бара, ур-атталла
хӀума яа а меттиг ца йолуш. 32 Цундела уьш, нахах
дӀа а къаьстина, хинкеман тӀехь цхьа а воцучу
яьссачу метте бевлира. 33 Амма дукхахболу нах,
хӀорш дӀабовлуш а гина, уьш бовзарна, массо а
гӀаланашкара гул а белла, берд тӀехула бевдда,
кхарал хьалхабевлира. 34 ‡‡Ша хийисте
хьалаваьлча, Ӏийсана адамийн йоккха тоба гира.
Уьш Ӏу воцу уьстагӀех а тарбелла, царах чӀогӀа
къахийтира Ӏийсана. ТӀаккха Иза оцу нахана дуккха
а хьехамаш бан волавелира. 35 Де чаккхенга
гӀерташ дара, цундела Цуьнан мурдаша, Ӏийсана
тӀе а бахана, элира Цуьнга: «ХӀара меттиг яьсса а ю,
вайна дикка хан а яьлла. 36 Шайна юург а оьцуш,
юххерчу ярташка дӀабахийтахьа и нах».
37 Амма Ӏийсас жоп делира цаьрга: «Аша лур ю
царна яа хӀума».
Ткъа мурдаша элира Цуьнга: «Оха, дахана,
массарна а ши бӀе *динари* ахчанах бепиг а эцна,
иза дао-м ца деза царна?»
38 ТӀаккха Ӏийсас хаьттира цаьрга: «Маса бепиг ду
шуьгахь? ГӀой, хьовсал».
Бепиг маса ду а хиъна, цара элира: «Тхоьгахь пхи
хьоккхам а, ши чӀара а бу-кх».
39 ТӀаккха, и нах берриш а сийначу бай тӀе
охьаховшабе аьлла, омра дира Ӏийсас мурдашка.
40 Уьш, бекъа а белла, бӀе а, шовзткъе итт а
цхьаьна а болуш, охьахевшира. 41 Ткъа Ӏийсас и пхи
хьоккхам, ши чӀарий схьа а эцна, стигала хьала а
хьаьжна, и кхача къобалбеш, доӀа дира. ТӀаккха и
хьоккхамаш дакъошка декъа а доькъуш, Шен
мурдашка дӀакховдадора Цо. Вукхара и дакъош
адамашна дӀадийкъира. ТӀаккха и ши чӀара а

† 6:8-11 Лака 10:4-11. †† 6:13 Якъуба 5:14. ‡ 6:14, 15 Маттай 16:14; Марк 8:28; Лака 9:19. ‡† 6:17, 18 Лака 3:19, 20.

‡‡ 6:34 Лелар 27:17; Сулим 22:17; 2 Шерашкахь 18:16; Яхьазкхиал 34:5; Маттай 9:36.

массарна бийкъира Цо. 42 Массара а яа а йиира,
уьш буза а буьзира. 43 Кхин а дисинчу баьпкан
дакъоша а, бисинчу чIеро а шийтта тускар а
дуьзира. 44 Ткъа юуш верг пхи эзар стаг вара.

### Iийса хи тIехула дIавоьду

(Маттай 14:22-33; Яхьъя 6:15-21)

45 Цу сохьта и нах Ша дIахецаре а ца хьоьжуш,
хинкеманна тIе а хаийтина, Шел хьалха, Iоман
дуьхьаларчу берда тIе Бет-Саида-гIала
дIабахийтира Iийсас Шен мурдаш. 46 Нах дIа а
хьажийна, доIа дан лам тIе хьалавелира Iийса.
47 Суьйре тIееача, хинкема Iомана юккъехь дара,
ткъа Iийса лам тIехь Ша вара. 48 Хин тIехь дуьхьал
богIу мох болу дела, мурдашна пийсакашца кема
лело хала хилар гира Iийсана. ТIаккха буьйсанна
кхо сахьт даьллачул тIаьхьа Иза хи тIехула царна
тIе вахара. Iийса тIехвала воллучу хенахь, 49 Иза
хин тIехула волавелла вогIу а гина, мурдашна Иза
гIаларт ду а моттаделла, цара дукха кхерабаларна
маьхьарий хьаьккхира, 50 хIунда аьлча царна
массарна а гира Иза, уьш чIогIа кхера а белира. Цу
сохьта Iийсас, вист а хилла, элира цаьрга:
«Доьналла долуш хила! Со ву шуна иза! Ма кхера!»
51 ТIаккха Иза цаьрца кеман тIе а хиира, цу сохьта
мох а сецира. Мурдаш чIогIа цецбевллера, 52 хIунда
аьлча хьалха баьпкаца хиллачу тамашийна
хIуманах а ца кхийтира уьш, дIакъовладелла дара
церан дегнаш.
53 Хин кеман тIехь Iомал дехьа а бевлла, Гансарт-
махка а кхаьчна, севцира уьш. 54 Уьш кеман тIера
охьабуьссушехь, нахана Iийса вевзира. 55 Цара,
бевдда, сихонца дIасабаржийра гонах Цунах
лаьцна хаам. ТIаккха Iийса миччахьа сецча а,
Цунна тIе меттахь болу цомгушнаш бало
буьйлабелира. 56 Иза миччанхьа веача а, я ярташка
а, я гIаланашка а, адамаша шайн цомгушнаш
майданна тIе а балабой, чIогIа доьхура Iийсага,
Шен бедаран юьхах мукъана а
хьакхадалийтахьара шаьш бохуш. Ткъа Цунах
хьакха мел велларг, цамгарх то а лой, дIахIуттура.

### Дайша лелийна Iадаташ

(Маттай 15:1-9)

7 Ярушалаймера баьхкина *парушхой* а, масех
*Iелам стаг* а вара Iийсана гонах гулвелла.
2 Цуьнан цхьаболчу мурдаша, куьйгаш цIандар а
доцуш, хIума юуш гира царна. Ткъа Далла гергахь
иза боьха лорура цара.
3 ХIунда аьлча, хьалхалера Iедале а доьгIна,
парушхоша а, массо а кхечу жуьгташа а, церан
Iедалехь ма-бохху, куьйгаш цIандиний бен хIума ца
йоу. 4 Ткъа шаьш базарара еана хIума а шатайпана
цIанйиний бен ца йоу. Кхин долу а дуккха а
Iадаташ леладора цара, масала, кедаш а,
гIумгIанаш а, йоьза кхабанаш а, мотт-гIайбеш а
цIанъяр тIехь.
5 Цундела парушхоша а, Iелам наха а хаьттира
Iийсага: «Хьан мурдаша, вайн дайша лелийна
Iадаташ хIунда ца лору, куьйгаш цIан а дина, хIунда
ца йоу цара хIума?» – аьлла.
6 †Iийсас элира цаьрга: «Нийса хилла ЕшаI-ЯхIу-
пайхамар, ша Делера болу хаам беш. Шух, шалхо
лелочарех, яздина ма-хиллара:
„ХIокху адамаша Со багахь лору,
ткъа церан дегнаш Суна дукха генахь ду.
7 Церан ларамах пайда бац,
хIунда аьлча церан хьехамаш Делера бац,
уьш адамаша кхоьллина бу“.
8 Аша, адамийн Iадаташ схьа а лаьцна, Дала
тIедехкинарш ца лору».
9 Кхин а Iийсас элира цаьрга: «Шуна хьекъале ду
моьтту, Дала тIедехкинарш а ца лоруш, шайн
Iадаташна тIаьхьахIоттар. 10 ††Муса-пайхамаро ма
аьлла: „Хьайн дай-наний лара“, ткъа „Шен дена я
нанна неIалт аьлларг вен веза“. 11 Амма, нагахь
стага шен дега-нене: „Сан шуна гIо дан йиш яц,
хIунда аьлча шуна лерина хилларг ‘ *кхурбан*’ дIало“
(иза арамхойн маттахь „Далла лерина совгIат“
бохург ду), – аьлча, 12 дена-нанна дан дезачух иза
кIелхьарволу бохуш, чIагIдо аша. 13 Делан Дош а ца
лоруш, шайн дайша делла Iадат лору аш. И тайпа
хIуманаш дукха леладо аша».

### Далла гергахь стаг бехвеш дерг

(Маттай 15:10-20)

14 ТIаккха юха а, нах Шена тIе а кхайкхина, Iийсас
элира: «ЛадогIа Соьга массара а, дIа а лоцуш.
15 Адамна чу яханчу цхьанна а хIумано Далла
гергахь бехвийр вац стаг. Амма адаман даг чуьра
арадолучу сийсазчу хIумано бехвийр ву иза» ‡.
17 Нах а битина, Iийса цIа чу ваьлча, мурдаша оцу
дустарх лаьцна хаьттира Цуьнга. 18 Ткъа Iийсас жоп
делира: «Шу а ду те иштта ца кхеташ? Шуна ца го,
адамо дууш долчу цхьанна а хIумано, Далла
гергахь бехван йиш йоцийла? 19 ХIунда аьлча и
тIеоьцу хIума, дагах а ца кхеташ, кийрара хьерана
чу а йоьдий, тIаккха чуьра арайолу». (Иштта, юуш
йолу хIума ерриге а Далла гергахь цIена хилар
хаийтира Iийсас.)
20 Кхин а тIетоьхна элира Цо: «Ткъа адамна чуьра
арадолучо иза Далла гергахь бехво. 21 ХIунда аьлча
кийрара адамийн дегнаш чуьра ца оьшу вон
ойланаш а арайовлу, нахаца лелар а, къола дар а,
вер а, 22 ямартло а, ша-шен везар а, мекаралла а,
Iехор а, лело ца дезарг лелор а, хьегар а, доцург
кхоллар а, ша лакхара ларар а, кхетам бацар а. 23 И
дерриге а зулам адамна чуьра ара а долий, цо стаг
Далла гергахь бехво».

---

† 7:6, 7 ЕшаI-ЯхIу 29:13 (Грекийн). †† 7:10 а: Арадаккхар
20:12; Карлабаьккхинарг 5:16; б: Арадаккхар 21:17; Iамалъяр
20:9. ‡ Цхьадолчу грекийн тептарш тIехь аят 16 тIетоьхна ду:
*«Лергаш долчунна дIахезийла».*

### Кхечу къомах йолчу зудчун тешар
(Маттай 15:21-28)

24 И меттиг а йитина, Цора олучу гӀалин юххерчу
меттигашка вахара Ӏийса. Ша цӀа чу волуш,
цхьанна а ца хоуьйтуш ваха лиира Ӏийсана, делахь
а хьулвалар ца хилира Цуьнан. 25 Харцжинаша йоӀ
хьийзош йолчу цхьана зудчунна хааделира Ӏийса
вар, оцу сохьта схьа а еана, Цуьнан когашка
юьйжира и зуда. 26 Иза Сирийпиникера схьаяьлла
йолу грекахо яра. Цо чӀогӀа дехар дира Ӏийсага,
шен йоӀана чуьра жин арадаккхахьара аьлла.
27 Ӏийсас элира цуьнга: «Цкъа хьалха бераш
дузадайта, хӀунда аьлча нийса а хир дац
берашкара юург, схьа а яьккхина, жӀаьлешна
тасар».
28 Амма зудчо жоп делира Ӏийсага: «Эла, ур-
атталла жӀаьлеша а ма доу стоьла кӀел бераша
эгийна цуьргаш».
29 ТӀаккха Ӏийсас элира цуьнга: «Ахьа иштта жоп
даларна маршонца цӀа яха мегар ду хьо. Жин
арадаьлла хьан йоӀана чуьра».
30 Ша цӀа йирзича, жин чуьра ара а даьлла,
меттахь йижина Ӏаш карийра зудчунна шен йоӀ.

### Къора а, лер доьхна а волу стаг туовар

31 Цора-гӀалина гонахьара меттигашкара
ЦӀаданехула а, Иттшахьар-махкахула а Галилай-
Ӏомана тӀе веара Ӏийса. 32 Къора а волуш, лер
доьхна а волу стаг Ӏийсана тӀе а валийна, цара
дехарш дира, цунна тӀе куьйгаш дахкахьара аьлла.
33 И стаг схьа а къастийна, жимма дехьа а
ваьккхина, цуьнан лергаш чу Шен пӀелгаш дехкира
Ӏийсас. ТӀаккха, туй а хьаькхна, цуьнан маттах Ӏотта
а велла, 34 стигала а хьаьжна, доккха са а
даьккхина, Ӏийсас элира цуьнга: «Эппатхьа!» (иза
«дӀаделлало» бохург ду).
35 Оцу сохьта вукхунна хаза а хезира, цуьнан мотт
дӀа а бастабелла, цӀенна хабар дийца а волавелира
иза. 36 Ӏийсас чӀогӀа тӀедиллира царна, цхьаьнгге а
хиллачух лаьцна цадийцар, амма Цо чӀогӀа мел
дихки а, уггаре а дукха дуьйцура цунах лаьцна.
37 Адамаш чӀогӀа инзардаьлла дара, цара олура:
«Цо дерриге а дика до. Ур-атталла ца хезачарна
хаза а хозуьйту, мотт сецначаьрга хабар а
дуьйцуьйту».

### Виъ эзар стаг вузавар
(Маттай 15:32-39)

8 Иштта цхьана дийнахь дукха адам гулделлера
Ӏийса волчу, ткъа царна яа хӀума яцара. Ӏийсас,
Шен мурдаш тӀе а кхайкхина, элира цаьрга:
2 «Суна къахета оцу нахах, хӀунда аьлча кхо де а
ду уьш Соьца болу, ткъа царна яа хӀума яц. 3 Аса
меца дӀабахийтича, новкъахь гӀеллур бу уьш,
хӀунда аьлча царах цхьаберш геннара баьхкина
бу».
4 Цуьнан мурдаша жоп делира: «ХӀара адам дузо
иштта яьссачу меттехь мичахь карор ду оццул
бепиг?»
5 Ӏийсас хаьттира цаьрга: «Маса бепиг ду
шуьгахь?» – аьлла.
«ВорхӀ ду», – аьлла, жоп делира цара.
6 ТӀаккха оцу нахе лаьтта охьаховша а аьлла, и
ворхӀ бепиг схьа а эцна, Деле хастаман доӀа а дина,
бепиг каг а деш, Шен мурдашка кховдадора Ӏийсас,
ткъа вукхара иза нахана доькъура. 7 Иштта масех
жимо чӀара а бара цаьргахь, уьш а, декъалбина,
бекъийтира Ӏийсас. 8 Наха шаьш буззалц хӀума
йиира. Дисинчу дакъоша ворхӀ тускар дуьзира.
9 Ткъа гулделла адам диъ эзар кхоччуш дара.
Цул тӀаьхьа Ӏийсас нах дӀабахийтира, 10 ткъа Ша,
сихха Шен мурдашца хинкеман тӀе а хиъна,
ДалманутӀа олучу меттигна юххехьа веара.

### Ӏийсана тамашийна хӀума гайтар тӀедиллар
(Маттай 16:1-4; Лака 11:29-32)

11 †Цигахь *парушхой*, тӀе а баьхкина, Ӏийсаца
къийса буьйлабелира. Стигалара тамашийна
билгало гайта аьлла дехар дира цара Ӏийсага, Иза
зерхьама. 12 ††Доккха са а даьккхина, Ӏийсас элира:
«Тамашийна билгало гайтар хӀунда доьху аш
Соьга? Баккъалла а боху шуьга, тамашийна
билгало гойтур яц Ас шун тайпанна а».
13 ТӀаккха, уьш Ӏад а битина, юха а Шен мурдашца
хинкеманна тӀе а хиъна, Ӏоман дуьхьаларчу берда
тӀе вахара Ӏийса.

### Парушхойн а, ХӀародан а муьста бод
(Маттай 16:5-12)

14 Оцу хенахь мурдашна шайна яа хӀума схьаэца
дицделлера, хинкеман тӀехь долу цхьа бепиг бен
хӀумма а яцара цаьргахь. 15 ‡Ӏийсас дӀахаийтира
цаьрга иштачу дешнашца: «Хьовсалаш!
Парушхойн а, ХӀародан а муьстачу бедах
ларлолаш».
16 ТӀаккха мурдаш вовшашлахь дагабуьйлуш
бара, и бохург хӀун ду те бохуш. «Вайгахь бепиг
доцу дела боху хьуна Цо вайга иштта», – бохура
цара вовшашка.
17 Цара стенах лаьцна дуьйцу хууш волчу Ӏийсас
элира цаьрга: «Стенна дуьйцу аша, шайгахь бепиг
дац бохуш? ХӀинца а ца го те шуна, кхета а ца кхета
те шу? Дегнаш оццул шагделла те шун?
18 ‡†БӀаьргаш боллушехь, ца го те шуна? Ткъа
лергаш доллушехь, ца хеза те шуна? Дага ца догӀу
те шуна, 19 маса тускар дуьззина баьпкан юьхкаш
гулйира аша, Аса пхи бепиг пхи эзар стагана
доькъучу хенахь?»
«Шийтта тускар дара», – жоп делира мурдаша.
20 «Ткъа Аса ворхӀ бепиг виъ эзар стагана декъча,
дуьззина маса тускар юьхкаш гулйира аша?»

† *8:11 Маттай 12:38; Лака 11:16.* †† *8:12 Маттай 12:39; Лака 11:29.* ‡ *8:15 Лака 12:1.* ‡† *8:18 Ярми-ЯхӀу 5:21; Яхьазкхиал 12:2; Марк 4:12.*

«ВорхI», – жоп делира цара.
21 ТIаккха Цо хьаттира цаьрга: «ХIинца а ца кхета
те шу?» – аьлла.

### Бет-Саида-гIалахь бIаьрзениг тово Iийсас

22 Уьш Бет-Саида-гIала кхечира. Цигахь Iийсана
тIе бIаьрса дайна стаг а валийна, цунах
Iотталахьара аьлла, дийхира Цуьнга. 23 Iийсас и
стаг, куьг а лаьцна, юьртах араваьккхира. ТIаккха
цуьнан бIаьргаш тIе туй а хьаьккхна, стагана тIе
Шен куьйгаш а дехкина, хьаттира: «ХIумма а гой
хьуна?» – аьлла.
24 Стага, хьала а хьаьжна, элира: «Суна уллохула
чекхдовлуш адамаш го. Уьш диттех тера ду».
25 ТIаккха Iийсас Шен куьйгаш стеган бIаьргашна
тIе дехкира, вукхо бIаьргаш шуьйра дIабиллира,
цунна бIаьрса а деъна, юха а дика ган а гуш,
дIахIоьттира иза. 26 ТIаккха Iийсас и стаг цIа
вахийтира: «Юьрта чу ма гIолахь», – олуш.

### Кипас Iийсах лаьцна аьлларг
(Маттай 16:13-20; Лака 9:18-21)

27 Цул тIаьхьа Iийса Шен мурдашца Пилап-
паччахьан гIалин гонахарчу ярташка воьду.
Новкъахь Цо Шен мурдашка хьаттира: «Со мила ву
олу наха?» – аьлла.
28 †Цара жоп делира: «Цхьаболчара Хьо нах хих
чекхбоху Яхьъя ву олу, ткъа вукхара – Эли-ЯхIу-
пайхамар ву боху, кхозлагIчара тоьшалла до, Хьо
пайхамарех цхьаъ ву бохуш».
29 ††ТIаккха Iийсас хьаттира: «Ткъа аша хIун боху,
Со мила ву боху аша?»
Кипас жоп делира Цунна: «Хьо *Дала леррина
Къобалвинарг* ву-кх», – аьлла.
30 ТIаккха Iийсас Шех лаьцна цхьаьнгге а дийцар
дихкира мурдашна.

### Iийсас Шен Iожаллех а, денваларх а лаьцна дуьйцу
(Маттай 16:21-28; Лака 9:22-27)

31 Цул тIаьхьа царна хьехамаш бан волавелира
Iийса. Цо дийцира Адамийн КIентан дукха баланаш
лан дезарх лаьцна а, баккхийчара а, динан
коьртачу дайша а, Iеламчу наха а тIе ца лаьцна
хила дезарх а, Иза вен везарх а, амма кхозлагIчу
дийнахь денвала везарх а. 32 Iийсас, лечкъа а ца
деш, дIадийцира цаьрга цунах лаьцна. Ткъа Кипас,
Иза юьстах а ваьккхина: «Иштта ниг дийца а ма
дийца», – элира. 33 Амма Iийсас, юха а вирзина,
Шен мурдашка а хьаьжна, буьрса жоп делира Кипе:
«ДIадала Суна уллора, *иблис*! Хьан даг чохь Делан
ойланаш яц, адамийн ойланаш ю».
34 ‡ТIаккха, нах а, Шен мурдаш а тIе а кхайкхина,
Цо элира цаьрга: «Соьца ван луург, шен „со“ бохург
дIа а теттина, шен баланийн мохь ‡† тIе а лаьцна,
Суна тIаьхьахIотта веза. 35 ‡‡ХIунда аьлча шен са
кIелхьардаккха лууш верг сих вер ву, амма Сан а,
Делера болу хазачу кхоан а дуьхьа шен са дIалучо
иза кIелхьардоккхур ду. 36 ХIунда аьлча хIун пайда
бу адамна, хIара дерриге а дуьне карахь хилча а,
иза шен сих волуш хилча. 37 Ткъа хIун делча, шен са
юхадерзалур ду адаме? 38 Амма хIокху Делах тешар
а доцуш, къинойх дуьзначу дуьнен чохь, нагахь
санна Сох а, Сан дешнех а эхь хетахь, Со а,
*Адамийн КIант*, дIавоьрзур ву цу стагах, Сайн Ден
олаллин нуьраца Делан маликашца схьавеача».
9 ТIаккха кхин а элира Iийсас: «Аса баккъалла а
боху шуьга: шуна юкъарчу цхьаболчарна
шаьш кхалхале *Делан Олалла* гур ду шен мел болчу
ницкъаца».

### Iийса хийцавалар
(Маттай 17:1-13; Лака 9:28-36)

2 ‡‡†Ялх де даьлча, Шеца Кипа, Якъуб, Яхьъя бен
кхин цхьа а ца вуьгуш, Iийса лекхачу лам тIе
велира. Цигахь, царна хьалххахь, Дала Цуьнан
амат хийцира. 3 Цунна тIера духар бIаьрг тIе а ца
хIуттуш кIайделира, хIокху лаьтта тIехь хIуманаш
юьттучу цхьана а стага кIайдийр доцучу тайпана.
4 Церан бIаьрг кхийтира Iийсаца къамел деш волчу
Эли-ЯхIу-пайхамаре а, Муса-пайхамарехь а.
5 Кипас, Iийсагахьа а вирзина, элира: «Устаз! Ма
дика Iа вай кхузахь, кхо *кхалор* ей вай: цхьаъ
Хьуна, цхьаъ Мусана, цхьаъ Эли-ЯхIуна». 6 Кипас
элира и, ша хIун эр ду а ца хиъна, хIунда аьлча
мурдаш чIогIа кхерабеллера. 7 ‡‡‡Ткъа цу хенахь,
марха тIе а еана, уьш дIахьулбелира цуьнан
IиндагIехь, мархашна юкъара аз хезира: «ХIара ву
Суна дукхавезаш волу Сан КIант. Цуьнга ладогIа!» –
аьлла. 8 Цу сохьта, уьш шайна гонах хьаьжча,
царна юххехь кхин цхьа а ца гира, Iийса воцург.
9 Уьш лам тIера охьабуьссучу хенахь, Iийсас
царна тIедиллира, шайна гиначух лаьцна
цхьаьнгге а ца дийцар, *Адамийн КIант* веллачуьра
денваллалц. 10 Мурдаша хилларг къайладаьккхира,
амма вовшашлахь цара хоьттура: «Веллачуьра
денвалар хIун ду те?» 11 §Цара хьаттира Iийсага:
«Хьалха Эли-ЯхIу-пайхамар ван веза хIунда олу те
Iелам наха?»
12 Iийсас жоп делира царна: «ХIаъ, хьалха
билггала Эли-ЯхIу-пайхамар ван веза, массо а
хIуманна тIехь низам хIотторхьама. Ткъа Адамийн
КIантах лаьцна яздина хIунда ду, Цо дукхха а
баланаш хьоьгур бу, Иза сийсаз а вийр ву аьлла?
13 Амма Ас боху шуьга, Эли-ЯхIу-пайхамар цкъа
веанера, цунна а шайна луъург дира, цунах лаьцна
яздина ма-хиллара».

*† 8:28 Марк 6:14, 15; Лака 9:7, 8. †† 8:29 Яхьъя 6:68, 69. ‡ 8:34 Маттай 10:38; Лака 14:27. ‡† Баланийн мохь *– бакъду, грекийн маттахь иштта яздина ду: *жIаран бIогIам.* ‡‡ 8:35 Маттай 10:39; Лака 17:33; Яхьъя 12:25. ‡‡† 9:2-7 2 Кипин 1:17, 18. ‡‡‡ 9:7 Маттай 3:17; Марк 1:11; Лака 3:22. § 9:11 Малъаки 4:5; Маттай 11:14.*

### Жино хьийзош волу кIант туовар

(Маттай 17:14-21; Лака 9:37-43)

14 Уьш шайн бисинчу мурдашна тIе юхабирзича, царна гонах йоккха тоба а, цаьрца къуьйсуш лаьтташ Iелам нах а гира IийсагIарна. 15 Цу сохьта, Iийса а гина, массо а адам цецдаларца тIехьаьдира, Цуьнга маршалла хаттархьама. 16 Iийсас хаьттира цаьрга: «ХIун къуьйсу аш цаьрца?» – аьлла.

17 Тобанна юкъара цхьана стага жоп делира Цуьнга: «Устаз! Сайн кIант валийна аса Хьуна тIе. Иза мотт сацочу жино хьийзаво. 18 И жин тIе а кхоссалой, и кIант цо лаьттах тоьхча, цуьнан бетах чопа а хIуттий, цергаш а хьекхош, Iада а вой, вуьсу иза. Хьан мурдашка и жин арадаккхар дехнера аса, амма цаьрга иза дан ца дели».

19 ТIаккха Iийсас элира, цаьргахьа а вирзина: «Ва тешар доцу тукхам! Мел хир ву техьа Со шуна юкъахь? Мел лан деза техьа Аса шу? Схьавалаве иза Суна тIе».

20 КIант Iийсана тIе валийра. Iийса гича, жино кIантана лазар а даийтина, иза охьатуьйхира. Ткъа важа, лаьтта охьа а воьжна, керча а керчаш, багара чопа а оьхуш дIахIоьттира. 21 ТIаккха Iийсас хаьттира цуьнан дега: «Мел хан ю цунна иза хуьлуш долу?»

«Беран хенахь дуьйна», – элира дас. 22 «Дукхазза а жино цIерга а, хи чу а кхоьссина иза, верхьама. Нагахь Хьайга хIуъа а цхьа хIума далур делахь, тхох къинхетам бай, гIо дехьа тхуна».

23 Iийсас жоп делира цунна: «Дан лур делахь?! – Дерриге а далур ду Делах тешаш волчунна».

24 КIентан дас, мохь а хьоькхуш, элира: «Со баккъалла а теша! Со цатешарна, теша гIо дехьа суна!»

25 Шайна сихха тIейогIуш йолу адамийн тоба а гина, Iийсас жине элира: «Аса омра до хьоьга: ара а далий, кхин цкъа а хIоккхунна чу ма дола!» – аьлла.

26 Ткъа жин, мохь а хьоккхуш, кIентан пхенаш чIогIа ийза а дойтуш, цунна чуьра араделира. КIант, велча санна, Iуьллуш вара, цундела дукхахболчара бохура: «Иза велла». 27 Ткъа Iийсас, кIентан куьг а лаьцна, цунна хьалагIатта гIо дира. 28 Цул тIаьхьа, Iийса цIа чу ваьлча, Иза Ша волуш, мурдаша хаттар дира Цуьнга: «Тхоьга хIунда ца даккхаделира те и жин ара?» – аьлла.

29 «И тайпа жинаш доIанца бен †, кхечу тайпана даккхалур долуш дацара», – аьлла, жоп делира Iийсас цаьрга.

### Iийсас юха а шен вала везарх а, денвала везарх а лаьцна дуьйцу

(Маттай 17:22, 23; Лака 9:43б-45)

30 Цигара ара а бевлла, Галилай-махкахула бахара уьш. Цхьанна а шаьш догIий хаа ца лаьара Iийсана, 31 Шен мурдашца цхьаьна а висина, царна хьехамаш бархьама. Iийсас олура цаьрга: «Адамийн КIант, нехан кара а велла, вуьйр ву, ткъа кхозлагIчу дийнахь Иза денлур ву».

32 Амма мурдаш ца кхийтира оцу дешнех, ткъа хатта уьш кхоьрура.

### Мурдех лакхарниг мила ву?

(Маттай 18:1-5; Лака 9:46-48)

33 Уьш Къапарнаме баьхкира. Iийса цIа чохь волуш Цо хаьттира мурдашка: «Новкъахь догIуш стенах лаьцна дуьйцуш дара шу?» – аьлла.

34 ††Амма уьш бист а ца хилира, хIунда аьлча уьш новкъа богIучу хенахь цара вовшашлахь дийцинарг шайх уггаре лакхарниг муьлха ву те бохург дара. 35 ‡ТIаккха Iийсас, охьа а хиъна, Шен шийтта мурд тIе а кхайкхина, элира цаьрга: «Нагахь санна шух цхьанна хьалхара хила лаахь, иза массарал а тIаьхьара хила веза, массеран а ялхо а хуьлуш». 36 Бер схьа а эцна, иза царна юккъе дIа а хIоттийна, мара а доьллина, мурдашка элира Цо: 37 ‡†«Сан дуьхьа оцу кегийчу берех цхьаъ тIеэцначо Со а тIеоьцу. Ткъа Со тIеоьцучо, Со тIеэцна а ца Iаш, Со Ваийтинарг а тIеоьцу».

### Вайна дуьхьал воцург – вайца ву

(Лака 9:49, 50)

38 Яхьъяс элира Iийсага: «Устаз! Вайна юкъара воццушехь а, Хьан цIарах жинаш арадоху цхьа стаг гира тхуна. И вайх цхьаъ воцу дела, иза сацо гIиртира тхо».

39 Iийсас элира: «Сеца ма ве аш иза, хIунда аьлча, цхьаммо а Сан цIарах Iаламаташ а деш, гергарчу хенахь Сох лаьцна воних дуьйцур дац, 40 ‡‡хIунда аьлча вайна дуьхьал воцург вайца ву. 41 ‡‡†Ткъа шу Дала леррина Къобалвинчунна тIаьхьа хIиттина долу дела, шуна хин кад луш волчунна, билггала боху Аса, шена догIург дIакхочур ду».

42 «Амма, хIокху Сох тешаш болчу лахара болчех цхьаьнга цхьаммо къа латадайтича, цунна гIоле яра, шен коча хьеран тIулг а оьллина, ша хIорда чу кхоссийтича. 43 ‡‡‡Нагахь санна хьан куьйго хьоьга къа латадойтуш делахь, и куьг тIера даккха – заьIап а волуш, Далла гергахь вахар гIоле ю, ши куьг а долуш, жоьжахате воьдучул, цкъа а йовр йоцучу цIергахь а вогуш §. 45 Нагахь санна хьан кого хьоьга къа латадойтуш делахь, иза а дIабаккха тIера. Ког а боцуш Далла гергахь вахар гIоле ю, ши ког а болуш жоьжахате кхуссуьйтучул §†. 47 §††Ткъа нагахь хьан бIаьрго хьоьга къа латадайтахь, чуьра баккха иза. Делан Олалла тIе а лаьцна, Цунна юххехь цхьана

† *ДоIанца бен *– цхьадолчу тептарш тIехь тIетоьхна ду: *доIанца а, марханца а бен.**

†† *9:34 Лака 22:24.* ‡ *9:35 Маттай 20:26, 27; 23:11; Марк 10:43, 44; Лака 22:26.* ‡† *9:37 Маттай 10:40; Лака 10:16; Яхьъя 13:20.* ‡‡ *9:40 Маттай 12:30; Лака 11:23.* ‡‡† *9:41 Маттай 10:42.* ‡‡‡ *9:43 Маттай 5:30.* § *Цхьадолу тептарш тIехь аят 44 тIетоьхна ду: *нIаьно гуттар а дегI а къийзош, цкъа а цIе дIа а ца йовш.** §† *Цхьадолу тептарш тIехь аят 46 тIетоьхна ду: *нIаьно гуттар а дегI а къийзош, цкъа а цIе дIа а ца йовш.** §†† *9:47 Маттай 5:29.*

бIаьргаца вахар а гIоле ю, ши бIаьрг а болуш ша
жоьжахате кхуссуьйтучул, 48 †цу чохь „уьш бууш
болу нIаьна а лийр бац, уьш багош йолу цIе дIа а
йойур яц“. 49 ХIунда аьлча Дала цIергахь цIанваран
баланах цхьа а вер вац, адам дахчорхьама.
50 ††Туьха дика хIума ю, амма цуьнан чам
дIабаьлча, иза юха дуьра стен дийр ду? Шайна
чуьра туьхан чам ма байа, вовшашца бертахь а Iе».

### Стага зуда дIаяхийтарх лаьцна хьехам

(Маттай 19:1-12; Лака 16:18)

10 И мохк а битина, ЯхIуд-махка Йордан тIехьа
дIаволавелира Iийса. Юха а адамийн
тобанаш йогIура Цунна тIе, ткъа гуттар а санна
Iийсас царна хьехамаш бора. 2 Масех *парушхочо*,
Цунна тIе а веана, Иза зуьйш, хьаьттира Цуьнга:
«Бакъонехь нийса дуй стага зуда дIаяхийтар?» –
аьлла.
3 Iийсас жоп делира цаьрга: «Муса-пайхамаро
муха тIедиллина шуна?»
4 ‡Цара элира: «Мусас бакъо елла майрачунна,
дIасакъастарх лаьцна йозанца дина долу тоьшалла
а яздина, зуда йита».
5 Iийсас элира цаьрга: «И шуна тIедиллинарг
Мусас дIаяздина, шун дегнаш къиза долу дела.
6 ‡†Амма Дала дуьне кхуллучу хенахь,
„Цо и шиъ стаггий, зудий кхоьллина“.
7 ‡‡„Иза бахьана долуш, шен дай-наний а дитина,
стаг шен зудчуьнца цхьаьнакхетар ву.
8 ТIаккха и шиъ цхьаъ хир ду“.
ХIинца уьш шиъ доцуш, цхьаъ санна долу дела,
9 цхьаммо а къаста ма дойла Дала
цхьаьнатоьхнарг!»
10 ТIаьхьо, уьш цIа чохь болчу хенахь, мурдаша
юха а цунах лаьцна хаттар дира Iийсага. 11 ‡‡†ТIаккха
Iийсас жоп делира: «Шен зуда а йитина, кхин зуда
ялорг ямартло еш ву. 12 Ткъа зуда, майрачух дIа а
къаьстина, кхечуьнга маре йоьдуш елахь, иза а
нахаца лелаш ю».

### Iийсас бераш декъалдо

(Маттай 19:13-15; Лака 18:15-17)

13 Iийсага куьг тIедиллийтархьама бераш далийра
Цунна тIе, амма мурдаша тIе ца дуьтура уьш. 14 Иза
гиначу Iийсас, оьгIаз а вахана, элира цаьрга: «ХIара
бераш тIедахкийта Суна, царна дуьхьало ма е,
хIунда аьлча *Делан Олалла* тIелаьцнарш уьш санна
бу. 15 ‡‡‡Билггала боху шуьга: беро санна, Делан
Олалла тIе ца лоцуш верг цкъа а Делаца хир вац».
16 ТIаккха, и бераш мара а доьхкина, царна тIе
куьйгаш а дехкина, уьш декъалдира Iийсас.

### Хьалдолу стаг

(Маттай 19:16-30; Лака 18:18-30)

17 Iийса новкъа волучу хенахь, цхьа стаг
тIеведира Цунна. Гора а вахана, цо хьаьттира
Iийсага: «Дика Устаз! Дела волчохь цкъа а чекхдер
доцу дахар кхачийтархьама ас хIун дан деза те?»
18 Iийсас жоп делира цуьнга: «Сох „дика“ хIунда
олу ахьа? Цхьа а вац дика, цхьа Дела воцург.
19 §Дала тIедехкина гIуллакхаш хьуна хууш ма ду:
„Адам а ма де, нахаца а ма лела, къола а ма де,
харц тоьшалла а ма де, хIилла а ма леладе, дай-
наний а лара“?»
20 Оцу стага элира Iийсага: «Устаз, беран хенахь
дуьйна и дерриг а кхочушдеш, схьавогIуш ву со».
21 Iийсас, цуьнга хьажа а хьаьжна, и везавелла
элира: «Цхьа хIума юкъахдитина ахьа. Хьайн
долахь мел дерг дIа а дохкий, къечарна дIасадекъа,
тIаккха стигалахь жовхIар хир ду хьан. Цул тIаьхьа,
схьа а волий, Суна тIаьхьахIотта».
22 Амма и дешнаш ма-хеззи, и стаг юьхь тIехь
хийца а велла, гIайгIане а воьжна, дехьавелира,
хIунда аьлча иза чIогIа хьал долуш вара.
23 Iийсас, гонах а хьаьжна, элира Шен мурдашка:
«Мел хала ду-кх хьалдолчу стагана, Делан Олалла
тIе а лаьцна, Далла уллохь хила!»
24 Мурдаш цецбевллера Цуьнан дешнех, амма
Iийсас юха а элира цаьрга: «Сан бераш, мел хала
хир ду-кх хьалдолчунна, Делан Олалла тIе а
лаьцна, Далла уллохь хила. 25 Эмкална а механ
Iуьргахула чекхъяла атта ду, хьалдолчунна, Делан
Олалла тIе а лаьцна, Далла уллохь хуьлучул».
26 Ткъа мурдаш, кхин тIе а цецбевлла, вовшашка
хоьттуш бара: «ТIаккха кIелхьара мила ваккхалур
ву те?» – бохуш.
27 Цаьрга а хьоьжуш, Iийсас элира: «Иза
адамашка далур долуш хIума дац, амма Деле далур
ду, Дела дерриге а дан ницкъ болуш волу дела».
28 Кипас элира тIаккха Цуьнга: «Хьажахьа!
Дерриге Iадда а дитина, Хьуна тIаьхьа хIиттина-кх
тхо».
29 Iийсас жоп делира: «Баккъалла а боху шуьга:
массарна а шайн цIа а, я вежарий-йижарий а, я да
а, нана а, я шайн латта а Сан дуьхьа а, хазачу кхоан
дуьхьа а дитинчарна 30 бIозза сов лур ду цIенош а,
вежарий а, йижарий а, наной а, берашший а,
латтий а. Цаьрца цхьаьна ницкъ хилар а хир ду
царна, ткъа тIейогIучу хенахь Дела волчохь цкъа а
хедар доцу дахар а хир ду. 31 §†Амма хIинца хьалхе
йоккхуш болу дукхахберш тIаьхьара хир бу, ткъа
тIаьхьарнаш хьалхара хир бу».

† *9:48 ЕшаI-ЯхIу 66:24.* †† *9:50 Маттай 5:13; Лака 14:34, 35.* ‡ *10:4 Карлабаькххинарг 24:1-4; Маттай 5:31.* ‡† *10:6 Доладалар 1:27; 5:2.* ‡‡ *10:7, 8 Доладалар 2:24.* ‡‡† *10:11, 12 Маттай 5:32; 1 Коринтхошка 7:10, 11.* ‡‡‡ *10:15 Маттай 18:3.*

§ *10:19 а: Арадаккхар 20:13; Карлабаькххинарг 5:17; б: Арадаккхар 20:14; Карлабаькххинарг 5:18; ц: Арадаккхар 20:15; Карлабаькххинарг 5:19; д: Арадаккхар 20:16; Карлабаькххинарг 5:20; э: Арадаккхар 20:12; Карлабаькххинарг 5:16.* §† *10:31 Маттай 20:16; Лака 13:30.*

### Іийсас кхозлагІа а Шен Іожаллех а, Ша денлург хиларх а лаьцна дуьйцу
(Маттай 20:17-19; Лака 18:31-34)

32 Уьш кхин дІа а Ярушалайме дІабахара. Іийса
хьалхаваьлла вогІура, ткъа цецбевлла мурдаш а,
нах а кхерамца Цунна тІаьхьа хІиттина боьлхура.
Іийсас юха а, Шен шийтта мурд юьстах а
ваьккхина, Шех хиндерг дийцира царна:
33 «ЛадогІалаш! Вай Ярушалайме доьлхуш ду,
цигахь *Адамийн КІант* динан коьрта дайн а, Іелам
нехан а кара лур ву, тІаккха цара Цунна вен кхел а
йийр ю, Иза кхечу къаьмнийн нехан кара дІа а лур
ву. 34 Цара хьийзор а ву, шеташ а кхуьйсур ю Цунна
тІе, шед еттар а ю, вуьйр а ву, амма кхозлагІчу
дийнахь Иза денлур ву».

### Якъубан а, Яхьъян а дехар
(Маттай 20:20-28)

35 ТІаккха Зевадин шина кІанта Якъуба а, Яхьъяс
а, Іийсана тІе а вахана, элира: «Устаз! Тхан дехар
кхочушдан лаьар-кх тхуна Ахьа».
36 «Ткъа Ас хІун дан лаьара шуна?» – элира Іийсас.
37 Цара жоп делира: «Хьан олаллин нуьрехь Хьуна
юххехь хилийтахь тхо, цхьаъ Хьан аьтту агІор, важа
аьрру агІор», – аьлла.
38 †Амма Іийсас элира цаьрга: «Шаьш хІун доьху а
ца хаьа шуна. Ас молу къаьхьа кад малалур буй те
шуьга? Со чекхволучу баланийн хІордах довлалур
дуй те шу?»
39 Цара жоп делира: «Далур ду тхоьга иза», –
аьлла.
ТІаккха Іийсас элира цаьрга: «Аса молу къаьхьа
кад а мер бу аша, Со чекхволучу баланийн хІордах
а чекхдевр ду шу, 40 амма Сайн аьтту агІор, я аьрру
агІор охьахаор – иза Сан карахь дац. И меттигаш
цхьаболчу нахана кечйина, уьш хила еззачеран
хир ю».
41 Иза шайна хезча, висина итт мурд оьгІазвахара
Якъубана а, Яхьъяна а. 42 ††ТІаккха Іийсас, уьш Шена
тІе а кхайкхина, элира цаьрга: «Шуна хаьа, шаьш
нахана юкъахь элий ду бохучара олалла дой царна
тІехь, ткъа лакхара хьалдолчу наха уьш бацабойла.
43 ‡Амма шуна юкъахь ма хуьлийла иштта. Ткъа
шуна юкъахь лакхара хила лууш верг шун ялхо
хуьлийла, 44 я шун юкъара ша хьалхара хила лууш
верг массеран а лай хуьлийла. 45 ХІунда аьлча
Адамийн КІант Шена хьалхара гІуллакх дайта ца
веана, амма Ша гІуллакх дан а, Шен дахар дІадала
а веана, дукхахболчеран къинош дІатакхархьама».

### Іийсас бІаьрзе Бар-Тхьамай туовар
(Маттай 20:29-34; Лака 18:35-43)

46 Іийса мурдашца Ерихоне веанера. ТІаккха Иза
Шен мурдашца а, алссам долчу адамашца а цу
гІалара араволучу хенахь бІаьрзе волу Тхьамайн
кІант Бар-Тхьамай вара, некъа йисте а хиъна, сагІа
доьхуш. 47 Назартхо Іийса вогІуш вуй а хезна, иза,
мохь а бетташ, бохуш вара: «Іийса, *Даудан кІант*!
Къинхетам бехьа сох». 48 Дукхахболчара иза
чехавора, гІовгІа ма е а бохуш, амма и кхин а чІогІа
мохь бетта вуьйлира: «Даудан кІант! Къинхетам
бехьа сох!» – бохуш.
49 Іийсас, саца а сецна, иза Шена тІекхайкхийтира.
БІаьрзечуьнга: «Доьналла долуш хила, тІевола
боху хьоьга!» – аьлла, кхайкхира уьш. 50 Шен
тІехулара бедар дІа а яьккхина, хьала а
кхоссавелла, Іийсана тІе веара иза.
51 «Хьуна хІун оьшу Соьгара?» – хаьттира Іийсас.
БІаьрзечо элира Цуьнга: «Устаз! БІаьрса ган лаьа
суна».
52 Іийсас элира: «ДІавало, хьан тешаро
кІелхьарваьккхи хьо».
Цу сохьта бІаьрса а деана, Іийсана
тІаьхьаХІоьттина некъахула вахара иза.

### Іийса декъалварца Ярушалайма чувар
(Маттай 21:1-11; Лака 19:28-40; Яхьъя 12:12-19)

11 Ярушалайме воьдучу новкъахь, *Зайт-
диттийн* ламанца йолчу Бет-Паг а, Бет-ХІина а
меттигашка шаьш кхаьчча, Шен мурдех шиъ
хьалхахьажийра Іийсас. 2 Царна Цо тІедиллира:
«Шайна хьалха лаьттачу юьрта чу гІо. Шу юьрта чу
довллушехь, йихкина лаьтташ, адамех цхьа а шена
тІе а хааза, къона вир гур ю шуна, иза дІа а ястий,
схьаялае. 3 Ткъа цхьаммо шайга хаттахь: „И хІун ду
аша дийриг?“ – аьлла, „Элана оьшу хІара, Цо сихха
юхаерзайойтур ю хІара“, – ала».
4 Мурдаш бахча, царна арахь кевнах йихкина
къона вир а гира, цара иза дІа а яьстира. 5 Цигахь
лаьттачех цхьаболчара хаьттира: «Аша хІун леладо,
дІа стенна йосту аша иза?» – аьлла. 6 Іийсас шайга
ма-аллара, жоп делира мурдаша, тІаккха вукхара
дІахийцира уьш. 7 Цара, вир схьа а ялийна, цунна
тІе шайн тІехулара бедарш тийсира, ткъа Іийса
цунна тІе хиира. 8 Дукхахболчара шайн тІехулара
бедарш Цунна хьалха некъа тІе охьатуьйсура,
вукхара, дитташ тІера гаьннаш а дохуш, уьш некъа
тІе охьадохкура. 9 ‡‡Хьалха бевлла а, тІаьхьа
хІиттина а богІучара чІогІа маьхьарий деттара:
«„*ХІашанна*!“ ‡‡
„Декъала ву Везачу Элана цІарах вогІуш Верг!“
10 Декъала ю тІейогІур йолу вайн ден Даудан
пачхьалкх!
ХІашанна! Хастам стигалшкара Веза Воккхачу
Далла».
11 Іийса, Ярушалайме а веана, Делан цІийнан
керта чу велира. Кертахь массанхьа а дІаса а
хьаьжна, хан яьлла хиларна, Шен шийтта мурд а
эцна, Бет-ХІине вахара.

† *10:38 Лака 12:50.* †† *10:42, 43 Лака 22:25, 26.* ‡ *10:43, 44 Маттай 23:11; Марк 9:35; Лака 22:26.*

‡‡ *11:9 Забур 117:25, 26.* ‡‡ *ХІашанна! *– арамхойн маттахь «КІелхьара даха Ахьа тхо хІинца!» бохург ду.**

### Комарийн диттана сардам боллар
(Маттай 21:18, 19)

12 ШолгIачу дийнахь хIорш Бет-ХIинера
схьабевллачу хенахь Iийса мацвеллера. 13 Геннара,
тIехь дукха гIаш долу комарийн дитт а гина, цунна
тIе вахара Iийса, тIехь комарш юй те хьажа.
Диттана тIевеача, гIаш доцург хIумма а ца карийра
Цунна, хIунда аьлча хIинца а стом хуьлу хан яцара.
14 ТIаккха Iийсас элира дитте: «ХIинца дуьйна
цхьаммо а, цкъа а стом ма боийла хьуна тIера!»
Цуьнан мурдашна хезира Цо иза олуш.

### Делан цIийнан керт цIанъяр
(Маттай 21:12-17; Лака 19:45-48; Яхьъя 2:13-22)

15 Уьш Ярушалайме баьхкира, цигара Делан
цIийнан керта ваьлча, цу кертахь йохкаэцар лелош
болу нах дIалоьхкура Iийсас. Ахчанаш хуьйцучеран
*гIопастанаш* а, кхокхарчий духкучеран гIанташ а
харцийра Цо. 16 ТIаккха цхьаьнгге а шайн юкку
хIуманаш Делан цIийнан кертахула дIаса ца
йохуьйтура Цо. 17 [†]Iийсас хьехамаш бора царна:
«Яздина дац:
„Сан цIа доIанаш ден цIа олуш хир ду, массо а
къаьмнашна лерина долу“?
Ткъа аша кхунах „зуламхойн бен“ бина».
18 Iелам нахана а, динан коьртачу дайшна а
дIахезира иза. Цара ойла йора, Iийса хIаллак муха
вийр вара те бохуш. Уьш Цунах кхоьрура, хIунда
аьлча массо а халкъ цецдуьйлура Цуьнан
хьехамех. 19 Суьйранна, хан яьлча, Iийса, Шен
мурдашца ара а ваьлла, дIавахара оцу гIалара.

### Дакъаделлачу комарийн диттах лаьцна хьехам
(Маттай 21:20-22)

20 Iуьйранна, комарийн диттана уллохула
чекхбовлуш, царна иза орамаш тIера дуьйна
дакъаделла гира. 21 ТIаккха, дага а деана, Кипас
элира Iийсага: «Устаз! Хьажахь, Ахь сардам
боьллина комарийн дитт дакъаделла-кх».
22 Iийсас жоп луш, элира цаьрга: «Делах тешар
хила! 23 [††]Аса баккъалла а боху шуьга: нагахь
цхьаммо хIокху ломе олу-кх: „Хьала а балий,
хIордана чу кхоссало“, – шен даг чохь шеко а
йоцуш, ткъа ша аьлларг билггала хирг хиларх теша
а тешаш и хилча, хир ду цунна цо аьлларг.
24 Цундела боху шуьга: дерриге а шайн доIан тIехь
аш мел доьхург делла хиларх тешаш хила – тIаккха
аш доьхург лур ду шуна. 25 [‡]Шаьш доIа дечу хенахь
шайн даг чохь цхьанна вас елахь, къинтIера довла
цунна, шайн къиношна а Стигаларчу Дега
гечдайтархьама» [‡†].

### Iийсан олалла шеконе диллар
(Маттай 21:23-27; Лака 20:1-8)

27 Юха а Ярушалайме баьхкира уьш. Ткъа Iийса
Делан цIийнан кертахь лелачу хенахь, динан
коьрта дай а, Iелам нах а баккхийнаш а баьхкира
Цунна тIе. 28 Цара элира Iийсага: «Муьлхачу
бакъонца ду Ахь деш дерг? Хьан елла Хьуна и
бакъо?»
29 Iийсас, жоп луш, элира цаьрга: «Аса а дийр дара
шуьга цхьа хаттар, аш Суна жоп лахь, тIаккха Аса а
эр ду шуьга, хьенан бакъонца деш ду и дерриг а.
30 Яхьъяс хих чекхваккхар стигалара дара я
адамашкара дара? – жоп лол Суна!»
31 ТIебаьхкинарш вовше барт бан хIиттира:
«Нагахь вай: „Стигалара яра“, алахь, Цо хоттур ду:
„Цунах хIунда ца тийшира шу?“ – аьлла. 32 Амма
нагахь: „Адамашкара яра“, – алахь...» (Уьш халкъах
ца хIуттура, хIунда аьлча массарна а Яхьъя
билггала пайхамар хетара.)
33 Цара Iийсага жоп делира: «Ца хаьа тхуна», –
аьлла.
ТIаккха Iийсас а дуьхьал элира: «Ас а эр дац
шуьга, муьлхачу бакъонца деш ду Айса деш дерг».

### Кемсийн беш лелорхочух лаьцна хьекъале дийцар
(Маттай 21:33-46; Лака 20:9-19)

12 [‡‡]Iийса юха а хьекъале дустаршца хьехамаш
бан волавелира халкъана: «Цхьана стага
кемсаш йийна хилла, гонах керт а йина, кертахь
мутт даккха ор а кечдина, Iуналлина бIов а
хIоттийна. Уьш лело белхалой а лаьцна, цIера
ваьлла хилла иза. 2 Кемсаш хуьлу хан тIекхаьчча,
белхалошна тIе ялхо вахийтина хIусамдас, шена
догIу кемсийн дакъа схьаэцийта. 3 Ткъа белхалоша
и ялхо, схьа а лаьцна, етта а йиттина, ваьсса
дIахьажийна. 4 ХIусамдас кхин а цхьа ялхо
вахийтина, амма цара коьртах тIулгаш а диттина,
сийсаз а вина, дIавахийтина иза а. 5 Юха а кхиверг
вахийтина цо, амма иза вийна, кхин цига мел
хьажийначарна белхалоша я еттара цара, я бойура
уьш. 6 Кхин вахийта цхьа а ца висина, тIаьххьара а
шен хьоме кIант хьажийна цига хIусамдас, шен
дагахь: „Сан кIанте-м ларам хир ма бу церан“, –
аьлла. 7 Ткъа белхалоша вовшашлахь сацам бина:
„Иза хин волу хIусамда ву, вай иза вуьйр ву, тIаккха
цуьнан бахам вайна буьсур бу“. 8 Цара иза, схьа а
лаьцна, вен а вийна, кемсийн бешара кхоьссина
дIаваьккхина.
9 Ткъа хIинца хIун дийр ду хIусамдас? Ван а веана,
и белхалой байа а байина, кхечаьрга дIалур ю-кх
кемсийн беш. 10 [‡‡†] *Делан Йозанаш* тIехь ца дешна
те аш цунах лаьцна:
„ГIишло еш, пхьераша дIакхоьссина тIулг
цIийнан сонан йистера коьрта тIулг хилла,
дIахIоьттина.
11 Иза Везачу Эло дина ду,

† 11:17 а: ЕшаI-ЯхIу 56:7; б: Ярми-ЯхIу 7:11. †† 11:23 Маттай 17:20; 1 Коринтхошка 13:2. ‡ 11:25, 26 Маттай 6:14, 15. ‡† Цхьадолчу тептарш тIехь аят 26 тIетоьхна ду: *«Нагахь санна аш геч ца дахь, шун Стигаларчу Дас а гечдийр дац шун къиношна».*

‡‡ 12:1 ЕшаI-ЯхIу 5:1, 2. ‡‡† 12:10, 11 Забур 117:22, 23.

вайна гергахь и чIогIа инзаре а ду!“»
12 И дийцар шайна дуьхьал далийна дуй кхетта,
Iийса лаца аьтто лоьхура динан дайша а, Iелам
наха а. Амма шаьш нахах кхоьру дела, Иза Iад а
витина, дIабахара уьш.

## Паччахьна ял яларх лаьцна

(Маттай 22:15-22; Лака 20:20-26)

13 Муьлххачу а дашна тIехь ваьлла а, Iийса
галвалахь, Иза лацархьама цхьаболу *парушхой* а,
ХIарод-паччахьна тIаьхьа хIиттина нах а бохуьйту
цара Цунна тIе. 14 Ткъа тIебаьхкича, цара хаттар до
Iийсага: «Устаз! Тхуна хаьа Ахьа бакъдерг
дуьйцийла. Наха Хьайна олучух гIайгIа беш а вац
Хьо, хIунда аьлча Хьо стеган дарже ца хьожу.
Мелхо а, Далла тIе боьду некъ нийса хьоьху Ахь.
Нийса дуй те римхойн паччахьна ял ялар я дац? Ло
оха, я ма ло?»
15 Амма церан мекарло евзаш, Iийсас элира
цаьрга: «Со стенна зоь аш? Схьадал Соьга цхьа
*динари* ахча, Суна иза гуш хилийта».
16 Цара ахча схьадеара. ТIаккха Iийсас элира:
«Хьенан сурт ду кху тIехь диллинарг, хьенан цIе ю
язйина?»
«Римхойн паччахьан ю-кх», – элира цара Цуьнга.
17 ТIаккха Iийсас жоп делира цаьрга: «Делахь
паччахьна паччахьна доггIург дIало, Далла – Далла
доггIург».
Уьш цецбевлла бисира Цуьнан жоьпах.

## Денваларх лаьцна

(Маттай 22:23-33; Лака 20:27-40)

18 †Цул тIаьхьа Iийсана тIе цхьаболу *садукъой*
баьхкира. Уьш ца тешара велла стаг денваларх.
19 ††Цара хаьттира Iийсага: «Устаз! Муса-пайхамаро
яздина вайна: „Нагахь стаг велча, цуьнан зуда
доьзалхо воцуш йисахь, веллачун вашас и зуда яло
еза шен вешин тIаьхье меттахIотто“. 20 ВорхI ваша
хилла. Хьалхарчо зуда ялийна, амма и лечу хенахь
доьзалхо ца хилла цуьнан. 21 ШолгIачу вашас йигна
и шен веших йиснарг. Иза а велла, кхин доьзалхо а
воцуш, изза хилира кхозлагIчу вешица а. 22 ВорхIе
а вашас ялийна иза, цхьа а бер доцуш, уьш белла.
Эххар и зуда а елла. 23 Масала, уьш беллачуьра
денбеллачу дийнахь, царах хьенан зуда хир ю иза,
ворххIангахь а иза марехь хилла хилча?»
24 Iийсас жоп делира цаьрга: «Делан Йозанаш ца
хааро а, Делан ницкъ ца бовзаро а тиладолуьйтуш
дуй те шу? 25 Беллачуьра денбеллачара зударий а
балор бац, маре а гIур бац, амма стигаларчу
маликех тарлур бу уьш. 26 ‡Ткъа белларш денлург
хиларх лаьцна ца дешна аш Муса-пайхамаран
тептарш тIехь, Дала цуьнга коканийн колл йогучу
хенахь аьлларг: „Со ИбрахIиман а, Исхьакхан а,
Якъубан а Дела ву“, – аьлла? 27 Дела беллачеран
Дела вац, амма дийначеран Дела ву! Ткъа шу чIогIа
тиладелла ду».

## Муьлха ду Дала тIедиллинчу гIуллакхех коьртаниг?

(Маттай 22:34-40; Лака 10:25-28)

28 Цара дуьйцург а хезна, Iийсас шен меттахь жоп
далар а гина, Iелам нахах цхьаммо, тIе а веана,
хаьттира Цуьнга: «Дала тIедиллинчу гIуллакхех
уггар коьртаниг муьлха ду?»
29 ‡‡Iийсас жоп делира цуьнга: «Царах коьртаниг
хIара ду:
„ЛадогIа, Исраилан халкъ! Вайн Веза Дела – цхьа
Веза Эла ву!
30 Хьайн Веза Дела доггах, доллучу синца а, дерриг
а хьекъалца а, берриге а ницкъаца а веза“,
И ду коьрта гIуллакх! 31 ‡‡ШолгIаниг а иштта ду:
„Хьайн уллораниг хьо санна веза“.
Царал коьртанаш цхьа а дац».
32 ‡‡†«Хаза эли Ахь», – элира жоьпана дуьхьал
Iелам стага. «Нийса боху Ахь, Устаз! Дела цхьаъ ву,
И воцург кхин Дела вац. 33 ‡‡‡Иза хьайн доггах а
веза, доллучу хьекъалца а, боллучу ницкъаца а,
хьо санна веза хьайна уллораниг а – иза массо
сагIанал а, цIий даккхарал а деза ду».
34 §Цу Iелам стага хьекъалца жоп далар а гина,
Iийсас элира цуьнга: «Гена вац хьо Делан Олаллехь
Далла уллохь хиларна». Цул тIаьхьа цхьа а ца
хIоьттира Iийсага хаттарш дан.

## Дала леррина Къобалвинчух лаьцна хаттар

(Маттай 22:41-46; Лака 20:41-44)

35 Кхин дIа а Делан цIийнан кертахь хьехамаш
беш Iийсас элира: «Iелам наха хIунда олу: „ *Дала
леррина Къобалвинарг Даудан кIант* ву“? 36 §†Дауда
а, ша Делан Синах вуьзначу хенахь, ма аьлла:
„Везачу Эло сан Хьалдолчу Эле аьлла:
Суна аьтту агIор охьахаа,
Аса Хьан мостагIий Хьан когашка охьабахккалц“.
37 Нагахь Дауда а Цунах „Хьалдолу Эла“ аьлча,
цуьнан кIант муха хуьлу И Дала леррина
Къобалвинарг?»
Массо а адам там хиларца ладугIуш дара Iийсага.

## Iелам нахах ларлолаш

(Маттай 23:1-36; Лака 20:45-47)

38 Шен хьехамашкахь Цо бохура: «Базаран
майданашкахь шайга маршалла хоттуш хазахеташ
болчу, деха духарш а духуш кечлучу Iелам нахах
ларлолаш. 39 Царна лаьа *гуламан цIа* чохь а,
тойнехь а баьрччехь Iан. 40 Цара бисина Iан
зударий шайн цIенойх а боху, шаьш гайтархьама
деха доIанаш а до. Амма иштта чарна луьра таIзар
хир ду».

† *12:18 Векалийн 23:8.* †† *12:19 Карлабаькккхинарг 25:5.*
‡ *12:26 Арадаккхар 3:6.*
‡‡ *12:29, 30 Карлабаькккхинарг 6:4, 5.* ‡‡ *12:31 Iамалъяр 19:18.* ‡‡† *12:32 Карлабаькккхинарг 4:35.* ‡‡‡ *12:33 ХIушаI 6:6.*
§ *12:28-34 Лака 10:25-28.* §† *12:36 Забур 109:1.*

### Йисина Iачу зудчун сагIа
(Лака 21:1-4)

41 Делан цIийнан кертахь сагIа гулдечу хазнина
дуьхьал а хиъна, наха сагIина чутосучу ахчанан
тидам беш вара Iийса. Дукххахболчу хьолахоша
дукха а дуьллура. 42 Ткъа цхьа йисина Iачу къен
зудчо, тIе а еана, ши жима цIестан ахча
охьадиллира. 43 Шен мурдаш тIе а кхайкхина,
Iийсас элира цаьрга: «Бакъдерг боху шуьга, хIокху
йисна Iачу къен зудчо сагIина делларг массара
деллачул а деза ду. 44 Вукхара шайн хьолах
совдаьлларг луш дара, ткъа хIокхо, шен таро
йоццушехь, шен мел дерг а охьадиллира».

### Делан цIа дохор хиларх лаьцна
(Маттай 24:1, 2; Лака 21:5, 6)

13 Iийса Делан цIийнан кертара араволучу
хенахь мурдех цхьаммо элира Цуьнга: «Устаз!
Хьажахь, ма хаза ду и тIулгаш а, гIишлош а!»
2 Iийсас дуьхьал жоп делира: «Гой хьуна и яккхий
гIишлош? И дерриге а хIаллакдийр ду, тIулга тIехь
тIулг а ца буьтуш».

### ТIаьхьарчу заманан билгалонаш
(Маттай 24:3-14; Лака 21:7-19)

3 Iийса *Зайт-диттийн* лам тIехь Делан цIийнан
кертана дуьхххьал хиъна Iаш волуш, Кипас а,
Якъуба а, Яхьъяс а, Iандара а хьаттира Цуьнга, уьш
шаьш бисча: 4 «Алахь тхоьга, маца а хир ду иза,
хIун билгало а хир ю и хиндерг кхочуш хуьлуш?»
5 Царна жоп а луш, Iийсас элира: «Ларлолаш,
шаьш ле ма дайталаш, 6 хIунда аьлча Сан цIарца
дукха нах богIур бу. „Со ву Иза“, – бохуш,
дукххаберш Iехор бу цара. 7 Нагахь тIемах я цунах
лаьцна хIума шайна хазахь, шу дохий ма хьовза,
хIунда аьлча и дерриг а хила дезаш ду. Амма иза а
тIаьххьара де дац. 8 Халкъана дуьхьал халкъ гIоттур
ду, мохк махкана дуьхьал бер бу. МаьI-маьIIехь
чIогIа мохк бегор бу, мацалла а хир ю. Иза, берах
хьийзош йолчу зудчун санна, халчу баланийн юьхь
бен хир яц.
9 †Амма шу сема хилалаш, хIунда аьлча шу дIа а
лоьцур ду, гуламан цIеношкахь еттар а ю шуна,
куьйгалхошна а, паччахьашна а хьалха хIиттор а
ду шу, Со бахьанехь шайна хьалха тоьшаллаш
дайтархьама. 10 Ткъа хьалха *хаза кхаъ* массо а
къаьмнашна дIакхачо беза. 11 ТIаккха, шаьш царна
хьалха кхеле хIиттинчу хенахь, хьалхе дуьйна
гIайгIа ма белаш, шаьш ала дезачун, ткъа цу сохьта
шайна дага тасийтинарг дIаала. ХIунда аьлча цу
хенахь аш шаьш а ца олуш, амма Делан Сино
шуьгахула эр ду ала дезарг».
12 «Вашас, вешина ямарта а хилла, иза вейта
дIалур ву. Ткъа дас берашна а изза дийр ду. ТIаккха
бераша, шайн дайшна-наношна дуьхьал а
гIевттина, уьш бойур а бу. 13 ††Сан цIе бахьана
долуш цхьанна а дезар дац шу, амма и дерриге а
чекхдаллалц лайнарг кIелхьарвоккхур ву».

### Боккха гIайгIа-бала
(Маттай 24:15-28; Лака 21:20-24)

14 ‡«Ткъа хIотто ца дезачохь, „вас еш йолу къемате
хIума“ хIоттийна шайна гича (хIара доьшург нийса
кхетийла!), тIаккха цу хенахь ЯхIуд-махкахь
нисвелларг лаьмнашка дIаводийла. 15 ‡†Тхов тIехь
нисвелларг, охьа а воьссина цIа чу ма гIо, цо шен
цIа чуьра цхьа хIума схьа ма эца. 16 Ткъа аренгахь
нисвелларг, шен тIеюху хIума схьаоьцур яра ша
аьлла, цIа ма вогIийла. 17 Бокккхачу баланехь хир бу
цу дийнахь доьзалхочух болу а, бераш дакхош болу
а зударий. 18 Шаьш довда дезар Iай ца хилийтар
Деле дехалаш. 19 ‡‡ХIунда аьлча оцу деношкахь,
Дала дуьне кхоьллинчхьана дуьйна ца хиллачу
кепара, кхин цул тIаьхьа а хир боцучу тайпана
гIайгIа-бала хир бу. 20 Везачу Эло и денош дац ца
динехьара, цхьа а кIелхьарвалалур вацара, амма
Ша къастийначеран дуьхьа дацдина Цо и денош.
21 Цхьаммо шайга цу хенахь „Хьажал! Кхузахь ву
шуна *Дала леррина Къобалвинарг*!“ я „Цигахь ву
шуна!“ алахь, цунах ма тешалаш, 22 хIунда аьлча цу
заманчохь харцпайхамарш а, шаьш Дала леррина
къобалдинарш бу бохурш а гучубевр бу. Цара
тамашийна гIуллакхаш а, тамашийна билгалонаш
а гойтур ю, шайн йиш хилахь, Дала хаьржинарш а
Iехорхьама. 23 Амма шу ларлолаш! Ас хьалхе
дIахоуьйту шуьга и дерриге а хиндерг».

### Адамийн КIант схьавар
(Маттай 24:29-31; Лака 21:25-28)

24 ‡‡†«Амма оцу деношкахь, и баланаш
тIехIоьттинчул тIаьхьа,
„малх кхулур бу,
батто а серло лур яц,
25 ‡‡‡стигалара седарчий а охьаоьгур ду,
стигалийн нуьцкъалалла а леста йолалур ю“».
26 §«ТIаккха гур ву царна Шен боккхачу ницкъаца
а, сийлаллица а мархаш тIехула вогIу *Адамийн
КIант*. 27 Оцу хенахь Цо, Шен маликаш а хьажийна,
дуьненан еъа а маьIIера Шен къастийнарш
дIагулбийр бу латтан йистера стигалан йисте
кхаччалц».

### Комарийн дитт масална далош дина дустар
(Маттай 24:32-35; Лака 21:29-33)

28 «Масала, схьаэца комарийн диттах хьехам:
цуьнан гаьннаш кIад а делла, гIа тосучу хенахь,
хаьа шуна аьхке герга кхаьчнийла. 29 Иштта, и

† 13:9-11 Маттай 10:17-20; Лака 12:11, 12.

*†† 13:13 Маттай 10:22. ‡ 13:14 Даниал 9:27; 11:31; 12:11. ‡† 13:15, 16 Лака 17:31. ‡‡ 13:19 Даниал 12:1; Довзийтинарг 7:14. ‡‡† 13:24 а: ЕшаI-ЯхIу 13:10; Юал 2:10, 31; 3:15; Довзийтинарг 6:12; б: Яхьазкхиал 32:7. ‡‡‡ 13:25 а: ЕшаI-ЯхIу 34:4; Довзийтинарг 6:13; б: Юал 2:10. § 13:26 Даниал 7:13; Довзийтинарг 1:7.*

хIуманаш кхочушхуьлуш шайна гича, хаа ду шуна
Адамийн КIентан зама герга юйла а, Иза неIарехь
вуйла а. 30 Бакъдерг боху шуьга: ХIара адамийн
тIаьхье чекхъялале хир ду и дерриг а. 31 Стигаллий,
латтий къайладаьлча а, Сан дешнаш довр дац».

### Де а, сахьт а цхьанна а ца хаьа

(Маттай 24:36-44)

32 [†]«Ткъа и де а, и сахьт а цхьанна а ца хаьа, я
стигалара маликашна а, я КIантана а, Да
воцучунна. 33 Варелаш, сема хилалаш, хIунда аьлча
и хан тIе маца кхочу ца хаьа шуна. 34 [††]Масала,
цхьаммо шен цIера а ваьлла, генна новкъа волучу
хенахь, шен ялхойн кара олалла а делла, хIоранна
а шен-шен гIуллакх дIа а делла, гIаролана сема
хилар тIедуьллу. 35 Иштта сема хилалаш! ХIунда
аьлча шуна ца хаьа хIусаман да цIа маца вогIур ву,
суьйранна, я буьйса юккъе яхача, я нIаьний
кхойкхучу хенахь, я сатосуш. 36 ЦIеххьана иза цIа
веача, шаьш дийшина ма карадайталаш. 37 Ас юха
а боху шуьга массаьрга а, хIоранга а: „Сема
хилалаш!“»

### Іийса вен бина болу барт

(Маттай 26:1-5; Лака 22:1, 2; Яхьъя 11:45-53)

14 [‡]Ши де даьлча тIедан дезаш дара « *Пасахь*»
олу совсазчу баьпкан деза де. ХIилланца схьа
а лаьцна, Іийса вен аьтто лоьхуш бара динан
коьрта дай а, Іелам нах а. 2 Амма адам эргIаддаларх
кхоьруш, иза дезачу деношкахь кхочушдан ца
лаьара царна.

### Бет-ХIинехь Іийсана тIе деза даьтта доттар

(Маттай 26:6-13; Яхьъя 12:1-8)

3 [‡†]Іийса Бет-ХIинехь волуш, чкъуран юха ца
йоьрзу цамгар кхетта волчу ШамIин цIахь Иза
хIума юуш Iачу хенахь, мехалчу кхаби чохь,
цIеначу, нард олучу зезаган орамех даькккхина деза
даьтта а дахьаш, зуда чуелира. И кхаба, йоха а
йина, даьтта Іийсан коьрта тIе доьттира цо.
4 Цхьаболчара, резабоцуш, оьгIазаллица
вовшашка бохура: «Стенна оьшура иштта харж ян?
5 ХIунда аьлча и даьтта кхо бIе а сов *динари*
ахчанах дохка мегар ма дара, тIаккха и ахча
мискачарна а доькъуш».
Оцу зудчунна хамталлаш йора цара.
6 Амма Іийсас элира: «Іадйитийша и зуда, эхь
хIунда хоьтуьйту аш цунна? Цо Суна динарг дика
гIуллакх ду-кх. 7 [‡‡]ХIунда аьлча мисканаш гуттар а
хир бу шуна юххехь, царна шайна лиъначу хенахь
лур ду аш сагIа, ткъа Со даим хир вац шуьца. 8 Со
дIаволларна хьалхе кечам би цо, шега далург деш.
9 Аса баккъалла а боху шуьга: дерриг а дуьнен
тIехь, и *хаза кхаъ* кхайкхочу массо а меттехь, цу
зудчо динарг, цуьнан сий айдеш, хьахор ду».

### ЯхIуд-Искархо Іийсана ямартло ян реза хилар

(Маттай 26:14-16; Лака 22:3-6)

10 ТIаккха ЯхIуд Искархо, Іийсан шийтта мурдах
цхьаъ, динан коьртачу дайшна тIевахара, ямартло
а йина, Іийса церан кара дIавалархьама. 11 И хезча,
вукхара самукъадаларца цунна ахча дала барт
бира. Ткъа ЯхIуда Іийса церан кара дIавала аьтто
лоьхура.

### Іийсас Шен мурдашца Пасахьан пхьор даар

(Маттай 26:17-25; Лака 22:7-14, 21-23; Яхьъя 13:21-30)

12 Совсазчу баьпкан дезачу денойн
дуьххьарлерчу дийнахь, Пасахьан Іахар а бийна,
мурдаша Іийсага хаьттира: «Пасахьан пхьор
мичахь дан лаьа Хьуна? Оха, дахана, кечйийр ю
чоь».
13 ТIаккха, Шен мурдех шиъ вохуьйтуш, Іийсас
цаьрга элира: «Шу гIала чу гIо, ткъа цигахь кхаби
чохь хи дахьаш вогIу цхьа стаг дуьхьалкхетар ву
шуна, цунна тIаьхьхье дIагIо. 14 Иза чу ваханчу
цIийнан хIусамдега аш ала: „Устазо хоьтту: Сайн
мурдашца Пасахьан суьйренан пхьор даа чоь
мичахь ю?“ 15 Цо шуна лакха тIехь йоккха а йолуш,
лаьтта хIума а тесна, кечйина чоь гойтур ю, цу чохь
кечам бийр бу аш вайна».
16 Іийсан мурдаша, гIала а баьхкина, дерриг а Цо
ма-бохху а карийна, Пасахьана кечам бира.
17 Суьйре тIееача, Іийса Шен шийтта векалца цига
веара. 18 [‡‡†]ДIа а тевжина, уьш хIума юуш бохкуш,
Іийсас элира: «Баккъалла а боху шуьга, Соьца
кхача бууш волчу шух цхьаммо ямартло йийр ю
Суна».
19 Уьш, и халахетта, Цуьнга баха буьйлабелира:
«Со-м вац те иза?» [‡‡‡]
20 Ткъа Іийсас жоп луш, элира цаьрга:
«Шийттаннах цхьаъ ву, Соьца кеда чу бепиг Iуттуш
верг. 21 Ткъа *Адамийн КIант*, Делан Йозанашна
тIехь Цунах яздина ма-хиллара, кху дуьнен чуьра
дIавоьдуш ву, амма декъаза ву-кх Цунна ямарта
верг! Цунна дуьнен чу ца валар гIоле яра!»

### Везачу Элан пхьор

(Маттай 26:26-30; Лака 22:14-20; 1 Коринтхошка 11:23-25)

22 Цара хIума юучу хенахь, Іийсас, бепиг схьа а
эцна, доIанца декъал а дина, декъа а декъна, Шен
мурдашка дIа а кховдош, элира:
«Схьаэца – иза Сан дегI ду».
23 ТIаккха кад, схьа а эцна, Далла хастам а бина,
Цо иза цаьрга дIакховдийра, ткъа цара массара а
цу чуьра дIамелира. 24 [§]Іийсас элира цаьрга: «ХIара
Сан цIий ду, Делаца бина барт чIагIдеш долу,
дукхахболчеран дуьхьа Іенор долу. 25 Билггала боху
шуьга: кемсех даькккхина долу кхин цхьа а малар

† *13:32 Маттай 24:36.* †† *13:34 Лака 12:36-38.* ‡ *14:1 Арадаккхар 12:1-27.* ‡† *14:3 Лака 7:37, 38.* ‡‡ *14:7 Карлабаькккхинарг 15:11.*

‡‡† *14:18 Забур 40:10.* ‡‡‡ *Цхьадолчу тептарш тIехь кхин дIаяздина ду: *Вукхо а элира: «Со-м вац хир ву иза?».** § *14:24 а: Арадаккхар 24:8; б: Ярми-ЯхIу 31:31-34.*

Аса мер дац, Дала дIахIоттийначу Олаллехь керла
чагIар молу де тIекхаччалц».
26 ТIаккха Далла хастаман назманаш а аьлла,
*Зайт-диттийн* лам тIе бахара уьш.

### Іийсас хьалххе дIахоуьйту Кипас Ша дIатосург хилар

(Маттай 26:31-35; Лака 22:31-34; Яхьъя 13:36-38)

27 †Шен мурдашка Іийсас элира: «Аша массара а
Со дIатосур ву, хIунда аьлча яздина ду:
„Іуьнна чов йийр ю Аса,
ткъа уьстагIий дIасадовдур ду“, – аьлла».
28 ††«Амма веллачуьра денвеллачул тIаьхьа
Галилай-махка шул хьалха кхочур ву Со».
29 Кипас элира Іийсага: «Массара дIатесча а, ас-м
вуьтур вац Хьо».
30 ТIаккха Іийсас элира цуьнга: «Баккъалла а боху
хьоьга: тховса, шозза нIаьна кхайкхале, кхузза Сох
дIакъаьстар ву хьо».
31 Амма Кипас, кхин а чIагIдеш, элира: «Сан
Хьоьца вала дезахь а, со цкъа а Хьох дIакъаьстар
вац». Изза вукхара а элира.

### Іийсас Гатшамани-бешахь доIа дар

(Маттай 26:36-46; Лака 22:39-46)

32 Цул тIаьхьа Гатшамани олучу меттиге баьхкира
уьш. Іийсас элира Шен мурдашка: «Ас доIа дечу
юкъана, ховший Іе кхузахь». 33 ТIаккха Шеца Кипа
а, Якъуб а, Яхьъя а вигира Цо. Кхузахь Іийса синтем
байна а, чIогIа сингаттаме а хилира. 34 Цо элира
цаьрга: «Сан са Іожаллин гIайгIанехь ду. Аша
кхузахь а совций, сема хан яккха».
35 Царна жимма дехьа а ваьлла, лаьтта а воьжна,
Іийсас доIа дира: «Нагахь йиш елахь,
дIакъастадойла Ахь Сох и къизаллин сахьт», –
36 кхин а Цо элира: «Сан Дада! Дерриг а Хьан карахь
ду, и къаьхьа кад Суна юххехула чекхбаккхахьа!
Делахь а, Сан лаамца доцуш, Хьан лаамца
хуьлийла дерриг а».
37 Ша юхавирзича, Шен мурдаш бийшина Іохкуш
карийра Цунна. ТIаккха Цо элира Кипе: «ШамIа, хьо
наб еш ву? Цхьана сахьтехь сема хила ца мегара
хьо? 38 Сема хила, доIанаш де, шаьш къилахь долчу
лаамашна кIел ца дисийта. Са сема хуьлу, ткъа
дилха эгIаза ду».
39 Юха а дехьо ваьлла, доIа дира Цо, изза дешнаш
олуш. 40 Юхавеача, кхин цкъа а бийшина карийра
Іийсана уьш, хIунда аьлча церан бIаьрганегIарш
дазделлера. Шаьш Іийсага хIун эр ду а ца хууш
биснера уьш.
41 КхозлагIа а тIевеана, элира Цо цаьрга: «Шу
хIинца а наб еш, садоIуш ду? Тоьар ду, тIедеана и
сахьт. Адамийн КIант къинош летийначеран
каравоьду хан тIекхаьчна. 42 Дуьйло, хьалагIовтта!
ХIара ву Суна ямартло ен верг».

### Іийсана ямартло яр а, Иза схьалацар а

(Маттай 26:47-56; Лака 22:47-53; Яхьъя 18:3-12)

43 Оцу сохьта, Іийсас и оллушехь, тIевеара ЯхIуд,
шийттаннах цхьаъ. Цунна тIаьхьахIоьттина
адамийн тоба яра, карахь таррашший, хьокхий а
долуш. Уьш хьовсийнера динан коьртачу дайша а,
Іелам наха а, баккхийчара а. 44 Іийсана ямарта
волчо билгало йинера цаьрга: «Ас барт
баьккхинарг Иза хир ву шуна, – аьлла, – И, схьа а
лаций, ларвеш дIавига».
45 Цу сохьта Іийсана тIе а вахана, цо элира: «Ва
устаз!» Цул тIаьхьа Цунна барт баьккхира. 46 Ткъа
вукхара, тIе куьйгаш а кховдийна, схьалецира
Іийса. 47 Уллохь лаьттачех цхьаммо, тур схьа а
даьккхина, тоьхна, динан коьртачу ден ялхочун
лерг даьккхира. 48 ТIаккха Іийсас элира цаьрга:
«Талорхо лаца доьлхуш санна, таррашций,
хьокханашций ара ма девлла шу Со схьалаца? 49 ‡
*Делан цIа* чохь хIора дийнахь ца хуьлура Со шуьца,
хьехамаш а беш? ХIетахь ма ца лоцура аш Со?
Амма Делан Йозанаш тIехь яздинарг кхочушхила
деза».

### ДIаведда жима къонах

50 Цу хенахь, Іийса а витина, массо а мурдаш
дIасабевдира. 51 Шен дерзинчу дегIа тIе шаршу
хьарчийна волу цхьа жима къонах Іийсана тIаьхьа
хIоьттира. Амма тIемалоша и дIалецира. 52 ТIаккха
тIемалойн карахь шаршу а юьтуш, иза верзина ма-
варра дIаведира царах.

### Іийса коьртачу кхеташонна хьалха хIоттор

(Маттай 26:57-68; Лака 22:54, 55, 63-71; Яхьъя 18:13, 14, 19-24)

53 Іийса *динан коьрта да* волчу цIа валийра.
Цигахь массо а динан коьрта дай а, баккхийнаш а,
Іелам нах а гулбеллера. 54 Іийсана гено тIаьхьа а
хIоьттина, динан коьртачу ден керта чу велира
Кипа. Иза динан коьртачу ден кертахь гIуллакх деш
болчаьрца цIарна хьалха вохлуш вара. 55 Ткъа
Іийсана веран кхел ярхьама, динан коьрта дай а,
коьртачу кхеташонехь мел верг а Иза бехке ван
бахьана лоьхуш бара, амма и бахьана ца карадора
царна. 56 ХIунда аьлча дукххаболчара харц
тоьшаллаш дора Цунна дуьхьал, ткъа уьш цхьана
ца догIура.
57 Цхьаболчара, хьала а гIевттина, харц
тоьшаллаш деш, элира: 58 ‡‡«Тхуна хезнера Цо олуш:
„Аса адамаша куьйга дина хIара Делан цIа доха а
дина, кхаа дийнахь кхин тайпа долу, куьйга дина
доцург дIахIоттор ду“, – аьлла».
59 Амма церан тоьшаллаш а цхьаьнадогIуш
дацара. 60 ТIаккха динан коьртачу дас, юккъе дIа а
хIоьттина, хьаттира Іийсага: «Ахь цхьа а жоп ма ца
ло? Цара Хьуна дуьхьал тоьшаллаш хIунда до?» –
аьлла.

† *14:27 Закри-ЯхIу 13:7.* †† *14:28 Маттай 28:16.*

‡ *14:49 Лака 19:47; 21:37.* ‡‡ *14:58 Яхьъя 2:19.*

61 Ткъа Іийса дуьхьал вист а ца хилира, Цо цхьа а
жоп ца делира царна.
Юха а динан коьртачу дас хаьттира Цуьнга: «Хьо
вуй Декъалволчун КІант? Цо леррина
Къобалвинарг?»
62 †Іийсас элира: «Со ву.
Шуна гур а ву Адамийн КІант
Нуьцкъалчу Далла аьтто агІор хиъна Іаш а,
стигалан мархашца охьавуссуш а».
63 ТІаккха, шена тІера бедар а ятІийна, динан
коьртачу дас элира: «Кхин хІун тешаш оьшу вайна?
64 ††Хезира-кх шуна И Далла луьйш, шуна муха
хета?»
Цара массара а Іийса веран кхел къобалйира.
65 ТІаккха цхьаболчара Іийсана тІе туйнаш детта
долийра, вукхара, Цуьнан бІаьргаш дІа а дихкина,
буйнаш а детташ, олура: «Хьо пайхамар хилар
гайта хІинца!»
ГІаролхоша а еттара Цунна.

### Кипас Іийса дІатасар

(Маттай 26:69-75; Лака 22:56-62; Яхьъя 18:15-18, 25-27)

66 Кипа цу кертахь, лахахь волуш, динан коьртачу
ден цхьа зуда-ялхо еара цига. 67 Вохлуш волу Кипа а
гина, цо, леррина юьхь-дуьхьал а хьаьжна, элира:
«Хьо а вара-кх Назартера Іийсаца».
68 Амма Кипас дІахадийра: «Суна ахь хІун боху а
ца хаьа, со кхета а ца кхета ахь бохучух».
Иза а аьлла, Кипа кертан хьалха велира. ТІаккха
нІаьна кхайкхира. 69 Оццу зудчо, иза юха а гина,
«ХІара а ву царах цхьаъ», – элира уллохь хІиттина
болчаьрга.
70 Кипас юха а тІе ца лецира цо бохург. Жимма
Іийча, кхузахь лаьтташ болчара Кипе юха а элира:
«Баккъалла а хьо ву-кх царах, хІунда аьлча хьо а
ма-ву галилайхо».
71 Ткъа Кипа, дуйнаш а бууш, чІагІонаш ян
волавелира: «Ца вевза суна И стаг, аш вуьйцуш
верг».
72 ХІеттахь шозлагІа а нІаьна кхайкхира. ТІаккха
дагадеара Кипина Іийсас шега аьлларг: «НІаьна
шозза кхайкхале, ахь кхузза дІатосур ву Со».
Кипа доггах вилхира.

### Іийса Пулат волчу валаво

(Маттай 27:1, 2, 11-14; Лака 23:1-5; Яхьъя 18:28-38)

15 Сатосучу хенахь, Іуьйре тІеярца, динан
коьртачу дайша а, Іелам наха а, ерриге а
коьртачу кхеташонехь мел болчара а гулам бира.
Оцу гуламо, сацам а бина, Іийса дІа а вихкина,
Пулате дІавелира. 2 Пулата хаьттира Цуьнга: «Хьо
жуьгтийн къоман Паччахь ву?» – аьлла.
Ткъа Іийсас жоп делира цуьнга: «Ахь боху-кх иза».
3 Динан коьртачу дайша дуккха а хІуманна тІехь
бехке вора Іийса. 4 Пулата юха а хаьттира Цуьнга:
«Ахь цхьа а жоп ма ца ло? Хьажал, Хьуна дуьхьал
мел дукха бехкаш балабо».
5 Амма Іийсас оцу хаттарна кхин цхьа а жоп ца
делира, ткъа Пулат цунах чІогІа цецвуьйлура.

### Іийса вен кхел йо

(Маттай 27:15-26; Лака 23:13-25; Яхьъя 18:39–19:16)

6 ХІора Пасахьан дезачу дийнахь чубоьхкинчарах
цхьаъ, шега веххнарг, арахоьцура Пулата
халкъана. 7 ХІетахь цхьа хьенех вара, Барраб цІе а
йолуш. Шен накъосташца Іедална дуьхьал адам
карзахдаьллачу хенахь, цо стаг верна, иза
чувоьллинера. 8 ТІаккха гулделлачу халкъо,
маьхьарий а хьоьккхуш, хІинццалц санна тутмакхех
цхьаъ дІахецар дийхира Пулате. 9 Цо дуьхьал
хаьттира цаьрга: «Ас жуьгтийн къоман Паччахь
дІавала лаьий шуна?» – аьлла.
10 ХІунда аьлча Пулатана хаьара, динан коьртачу
дайша Іийса шайн Цуьнга хьагІ йолу дела
дІавеллий. 11 Амма динан коьртачу дайша халкъ
иракарахІоттийнера, царна Барраб дІахецар гІоле
хетийтархьама. 12 Пулата юха а, жоп луш, элира
цаьрга: «Ткъа аш жуьгтийн къоман Паччахь ву
бохучунна хІун дан лаьа шуна ас?»
13 Цара цо бохучунна дуьхьал маьхьарий
хьаькхира: «ЖІарах дІатоха Иза!» – аьлла.
14 Пулата хаьттира цаьрга: «ХІунда? Цо хІун зулам
дина те?»
Амма наха кхин а чІогІа маьхьарий хьоькхура:
«ЖІарах дІатоха Иза!» – бохуш.
15 ТІаккха Пулата, халкъана луург а деш, Барраб
дІахецийтира. Ткъа Іийса, шед а еттийтина,
тІемалойн кара дІавелира жІарах
дІатохийтархьама.

### Іийса тІемалоша хьийзавар

(Маттай 27:27-31; Яхьъя 19:2, 3)

16 ТІемалоша, Іийса керта а ваьккхина, йоккха,
кхел кхайкхочу гІишло чу а вигна, тІемалойн
ерриге тоба гулйира. 17 ТІаккха Цунна тІе цІен оба
а кхоьллина, коканийн коьллех кочар а дина, иза
Іийсан коьрта тІе диллира. 18 Цул тІаьхьа, Іийса
беларца «декъалвеш», цара бохура: «Декъала
хуьлда жуьгтийн къоман Паччахь!»
19 ТІаккха Цуьнан коьртах Іаса а етташ, Цунна тІе
туйнаш деттара цара. Цул тІаьхьа, гора а хІиттина,
корта беттаран сурт хІоттадора Цунна хьалха.
20 Шаьш Іийса аьшнаш вина бевлча, Цунна тІера
цІен духар дІа а даьккхина, Шен хІуманаш
тІеюьйхира цара. ТІаккха жІарах дІатоха дІавигира
Іийса.

### Іийса жІарах дІатохар

(Маттай 27:32-44; Лака 23:26-43; Яхьъя 19:17-27)

21 ‡ТІаккха шен кха тІера вогІу, Искандаран а,
Рупан а да волу Къуринара ШамІа а сацийна,
цуьнга Іийсан жІаран бІогІам дІабахьийтира цара.
22 Іийса «Галгатхьа» олучу метте схьавалийра цара

---

† *14:62 Даниал 7:13.* †† *14:64 Іамалъяр 24:16.*

‡ *15:21 Римхошка 16:13.*

(иза «туьтанан меттиг» бохург ду). 23 Ярийн
муттанца эдина чагIар дала гIоьртира уьш Цунна,
амма Iийсас иза ца мелира. 24 †Iийса жIарах
дIатуьйхира. ТIемалоша, кхаж а тесна, Цуьнан
хIуманаш вовшашлахь йийкъира. 25 УьссалгIа сахьт
дара Iийса жIарах дIатухучу хенахь.
26 Иза стенна бехке ву билгалдоккхуш, уьнна тIехь
яздинера: «Жуьгтийн къоман Паччахь», – аьлла.
27 ††Iийсаца ши талорхо вара жIарах дIатоьхна,
цхьаъ Цунна аьтту агIор, важа аьрру агIор ‡.
29 ‡†Юххехула чекхбовлучара, вон баганаш а
етташ, кортош а лестош, бохура Цуьнга: «ХIай!
*Делан цIа* доха а дина, кхаа дийнахь дIахIоттош
верг! 30 Хьуо кIелхьара а воккхуш, охьавосса бIогIам
тIера».
31 Царах терра динан коьртачу дайша а, Iеламчу
наха а, Цунах бела а боьлуш, вовшашка бохура:
«Кхиберш кIелхьара а баьхна, Ша-м кIелхьара ца
ваккхало! 32 Иза *Дала леррина Къобалвинарг* а,
Исраилан Паччахь а велахь, охьавосса веза-кх
хIинца жIара тIера, вайна иза ган а гина, Шех
тешийтархьама».
Цуьнца дIатоьхначу талорхоша а сийсазвохура
Иза.

### Iийса кхалхар
(Маттай 27:45-56; Лака 23:44-49; Яхьъя 19:28-30)

33 Делкъахенахь лаьтта тIе цIеххьана бода беара,
кхаа сахьтехь лаьттира иза. 34 ‡‡Делкъал тIаьхьа кхо
сахьт долучу хенахь, Iийсас чIогIа мохь туьйхира:
«Элой, Элой, лема сабахьтани?» Цу дешнийн
маьIна иштта ду: «Ва Сан Дела! Со хIунда вити
Ахь?»
35 Генахь боцуш лаьттачара, и хезча, бохура:
«Хьажахь, Эли-ЯхIу-пайхамаре кхойкхуш ву-кх И».
36 ‡‡†Ткъа цхьаммо ведда, худург кемсийн къонзи
чу а Iоьттина, иза хьокхана буьххье а йоьллина,
Iийсага кховдийра, и Цуьнга малийтархьама.
«Собар дел, хьовсур ду вай, Эли-ЯхIу вогIий те
ХIара жIаран тIера дIаваккха», – элира цо.
37 Ткъа цу хенахь, чIогIа мохь а тоьхна, Iийса
кхелхира. 38 ‡‡‡ХIеттахь Делан цIийнан чохь, уггар
езачу чоьнна дуьхьал оьллина кирхьа лакхара
дуьйна лаха кхаччалц декъаделира. 39 Iийсана
дуьхьал лаьтташ волчу тIеман хьаькамо, Цо Шен са
иштта дIалуш гича, элира: «И стаг бакъонца *Делан
КIант* вара».
40 §Геннара хьоьжуш лаьтташ зударий а бара
кхузахь: царна юкъахь Магдалера Марем а, жимаха
волчу Якъубан а, Юшан а нана Марем а, Шалумат а
яра. 41 Iийса Галилай-махкахь волуш, Цунна
гIуллакх деш тIаьхьахIиттина бара уьш. Иштта
дуккха а Цуьнца цхьаьна Ярушалайме баьхкина
болу зударий бара кхузахь.

### Iийса дIаволлар
(Маттай 27:57-61; Лака 23:50-56; Яхьъя 19:38-42)

42 Иза пIераскан де дара, Далла лерина шоьтан
дийнан хьалхара долу де. Рамат цIе йолчу гIалара а
волуш, кхеташонехь лоруш волу декъашхо а
волуш, ша а Делан Олалле сатуьйсуш а волчу
Юсупа, тIейогIуш суьйре йолу дела, Пулатана тIе
ваха бIо а боьлла, Iийсан дакъа схьадийхира.
44 Iийса веллий хиъча, Пулата, цецваьлла, тIеман
хьаькам тIе а кхайкхина, хаьттира цуьнга: «Дукха
хан юй И велла?» – аьлла. 45 ТIеман хьаькамера
хаам хилча, цо дакъа Юсупе дIадалийтира.
46 Юсупа, кIади а эцна, дакъа, жIара тIера схьа а
даьккхина, кIади юкъа а хьарчийна, ломах
яьккхинчу къубба чу диллира. ТIаккха къуббанан
неIарна дуьхьал боккха тIулг карчийра цо. 47 Ткъа
Магдалера Марем а, Юшан нана Марем а Иза дIа
мичахьа вуллу хьоьжуш яра.

### Iийса веллачуьра денвалар
(Маттай 28:1-8; Лака 24:1-12; Яхьъя 20:1-10)

16 Далла лерина шоьтан де дIадаьллачу хенахь
Магдалера Марема а, Якъубан нанас Марема
а, Шалумата а хаза хьожа йогIу хьакхарш ийцира,
уьш Iийсан докъана хьакхархьама. 2 Iуьйранна,
сатосучу хенахь, кIирандийнахь и зударий къубба
йолчу бахара. 3 Цара вовшашка хоьттура:
«Къуббанан неIарера тIулг хьан дIабоккхур бу те
вайна?» – бохуш.
4 Ткъа дIахьаьжча, тIулг дIакарчийна гира
зударшна. И тIулг чIогIа боккха бара. 5 Уьш къубба
чу бевлча, аьтту агIор хиъна, кIайн духар а долуш,
кIант гира царна. Уьш чIогIа Iадийнера. 6 Ткъа цо
элира зударшка: «Кхера ма ло. ЖIарах дIатоьхна
хилла Назартера Iийса лоьху аш? Иза денвелла. И
кхузахь вац. ХIара ю Иза охьавиллина хилла
меттиг. 7 §†Амма аш, гIой, Цуьнан мурдашка а, Кипе
а ала: „Iийса Галилай-махка шул хьалхаваьлла гIур
ву, цигахь гур ву шуна Иза, Цо шуьга ма-аллара“».
8 Зударий, къубба чуьра ара а бевлла, дIабевдира.
Уьш чIогIа кхерабаларна боьхнера, цара цхьаьнгге
а хIумма а ца дийцира.

### Iийсас Ша Магдалера Маремана гайтар
(Маттай 28:9, 10; Яхьъя 20:11-18)

9 §†† КIирандийнахь, хьалххе, веллачуьра ден а
велла, Iийса хьалха Магдалера, шена чуьра ворхI
жин арадаьккхинчу Маремана дуьхьал хIоьттира.
10 Цо яхана шена гинарг Цуьнца хьалха
хиллачаьрга, ткъа хIинца Цунна боьлхуш Iаш
болчаьрга дIадийцира. 11 Амма Iийса дийна ву
аьлла хезча а, Марема шена Иза гина аьлча а,
хIетте а уьш ца тийшира.

---

† *15:24 Забур 21:19.* †† *15:28 ЕшаI-ЯхIу 53:12.* ‡ *Цхьадолчу тептарш тIехь аят 28 тIетоьхна ду: *Кхочуш хилира Делан Йозанаш тIехь яздина: «ТIаккха зуламхо санна юкъатухур ву Иза», – бохург.** ‡† *15:29 а: Забур 21:8; 108:25; б: Марк 14:58; Яхьъя 2:19.* ‡‡ *15:34 Забур 21:2.* ‡‡† *15:36 Забур 68:22.* ‡‡‡ *15:38 Арадаккхар 26:31-33.* § *15:40, 41 Лака 8:2, 3.*

§† *16:7 Маттай 26:32; Марк 14:28.* §†† *Уггар ширачу тептарш тIехь 9-20 яздина дац.**

### Iийса шина мурдана хьалха дIахIоттар
(Лака 24:13-35)

12 Цул тIаьхьа мурдех шинна а, уьш юьрта
боьлхучу хенахь, кхечу куьцехь а волуш,
дуьхьалхIоьттира Iийса. 13 Цара а, юхабирзича,
дIахаийтира иза кхечаьрга, амма царах а ца
тийшира уьш.

### Iийсас мурдашна тIедиллинарг
(Маттай 28:16-20; Лака 24:36-49; Яхьъя 20:19-23; Векалийн 1:6-8)

14 ТIаьххьара а оцу цхьайтта векална а, цара хIума
юучу хенахь, дуьхьалхIоьттира Iийса. Цо
тIехтуьйхира царна церан тешар ца хилар а,
дегнаш шагделла хилар а, уьш Ша веллачуьра
денвелла гинчарех а ца тешарна. 15 †Цо элира
цаьрга: «Дуьне мел ду дIа а гIой, массо а адамашна
дIакхайкхабе *хаза кхаъ*. 16 Оцу кхоах теша а тешна,
ша хих чекхваккхийтинарг кIелхьарвоккхур ву,
ткъа ца тешачунна – кхел хир ю. 17 Ткъа
тешначарна иштта билгалонаш хир ю: Сан цIарца
жинаш а арадохур ду цара, кхечу меттанашца а
дуьйцур ду. 18 Цаьрга лаьхьанаш караэцийтича а, я
дIовш малийтича а зе хир дац царна, цара
цомгушчарна тIе куьйгаш диллича, цомгушнаш
толур бу».
19 ††Иштта цаьрца къамел динчул тIаьхьа Iийса-
Эла, стигала хьала а ваьккхина, Далла аьтту агIор
охьахиира. 20 Ткъа Цуьнан мурдаша, бахана,
массанхьа а хаза кхаъ кхайкхийра. Везачу Эло гIо
дора царна. Мурдаша дахьачу хазачу кхоан
дешнаш инзаре билгалонашца чIагIдора Цо.

† *16:15 Векалийн 1:8.*

†† *16:19 Векалийн 1:9-11.*

# Лака

### Дешхьалхе

гойту, лур ду аьлла Исраилан халкъ КIелхьардоккхург а, массо а нах КIелхьарбохург а Iийса хилар. дIаяздина, Везачу Элан Сино Iийса къобалвина хилла, «мискачу нахана Делах лаьцна хаза кхаъ бан». Шайн тайп-тайпана хьашташ долчу нахана болчу гIайгIанех буьзна бу и хаза кхаъ. дIаяздинчу тептар тIехь долчу коьртачу ойланашкахь цхьа самукъадалар ду. Iийса дуьнен чу валарх лаьцна долчу тептаран дуьххьарлерчу кортошкахь а, Iийса стигала хьалаваларх лаьцна долчу тептаран чаккхенехь а иза къаьсттина гуш ду. Iийсах тешаран дин кхиарх а, дIасадаржарх а лаьцна долу дийцар ду олучу тептар тIехь оццу яздархочо дуьйцуш.
Хазачу кхоах лаьцна яздинчу веа яздархочух 1:5–2:52 а, 9:51–19:27 а аяташкахь Лакас бен дIаяздина дац цхьадолу дийцарш. Царна юкъахь ду: Iийса дуьнен чу ваьлча, маликаша лекхначу эшарех долу дийцар а, жаIуй хьошалгIа бахкарх долу дийцар а, жима Iийса Делан цIа йолчу варах долу дийцар а, дикачу шамранхочух лаьцна долу хьекъале дустар а, байначу кIантах лаьцна долу хьекъале дустар а. Хазачу кхоах долчу хIокху дийцарехь шатайпа хIуманаш иштта ду: доIа а, Делан Са а, Iийсас дечу гIуллакхна тIехь зударша дакъа лацар а, Дала къиношна гечдар а.

### Теапиле аьлла дош

1 Лоруш волу Теапил,
Тхуна юкъахь кхочушхиллачу хIуманех
лаьцна дийцар хIинцале а дукха нах яздан
гIиртира. 2 Тхуна а оцу хIуманех лаьцна ма-дарра
дийцина, уьш ган а гина, цул тIаьхьа Делан Дош
адамашна юкъахь дIасадаржочу наха. 3 И хезнарг
дерриг леррина талла а теллина, хьоьга цунах
лаьцна ма-дарра яздийр дара аьлла, сацам хилла
сан, 4 айхьа Iамийнарг хьуна билггала бакъ дуй
хаийтархьама.

### Яхьъя дуьнен чу валарх хаам

5 †ЯхIуд-махкахь ХIарод паччахь волчу хенахь
Аби-ЯхIун цIе йолчу тобанах а волуш, Закри цIе
йолуш цхьа *динан да* вара. Элисат цIе йолуш зуда
яра цуьнан, АхIаронан тIаьхьенах схьаяьлла. 6 И
шиъ Везачу Эло тIедиллина гIуллакх леррина
кхочушдеш а, Далла хьалха цIена а дара. 7 Церан
бераш дацара, Элисат доьзалхо ца хуьлуш хиларна.
Ший а ханна доккха а дара и шиъ. 8 Цкъа шайна
юкъахь Закри волчу динан дайн тобанан рагI
кхечира Везачу Элана гIуллакх дан. 9 Динан дайн
Iедалехь ма-хиллара, кхаж тесира. Иштта Закрина
кхаж белира Везачу Элан цIа чохь хаза хьожа йолу
хIума яго. 10 Цу хенахь оцу цIенна хьалха дукха
адам гулделлера, шаьш гуттар а ма-дарра, цхьаьна
ламаз дан. 11 Закри волчу Везачу Элан *малик* деара
цу хенахь. *Хаза хьожа йогIу хIума* ягочу кхерчана
аьтту агIор дIахIоьттира иза. 12 Иза гина Закри
чIогIа кхеравелира. 13 Малико элира цуьнга: «Кхера
ма лолахь, Закри! Хьан доIанна жоп делла: Элисата
кIант вийр ву хьуна. Цуьнан цIе ахь Яхьъя туьллур
ю. 14 Цунах чIогIа воккха а вийр ву хьо. Дукха
нахана хазахетар хир ду иза дуьнен чу валарна.
15 ††ХIунда аьлча иза Везачу Элан бIаьргашна
хьалха чIогIа сийлахь стаг хир ву, цо цкъа а чагIар
а, кхин йолу вахош йолу хIуманаш а мер яц. Ненан
кийрахь волуш дуьйна Делан Синах вуьзна хир ву
иза. 16 Дукха исраилхой церан Везачу Далла
тIеберзор бу цо. 17 ‡Везачу Элана хьалха вогIуш хир
ву Яхьъя, Эли-ЯхIу-пайхамарца хилла долу
нуьцкъала са а долуш волу, дайн дегнаш церан
берашна тIе дерзорхьама, аьрханаш, нийсачу
новкъа а хIиттина, Делан лаамехь берш санна
хилийтархьама, Веза Эла вале, и кечам бина халкъ
дуьхьал хIотторхьама».
18 Закрис хаьттира малике: «Со муха тешар ву
ахьа бохучух? Со къена ву, сан зуда а хан яьлла ю».
19 ‡†Малико жоп делира: «Хьоьга и *хаза кхаъ*
бахьаш даийтина, Далла гергахь долу Джабраил ду
со. 20 ХIинца дуьйна хьан мотт соцур бу, и
дийцинарг кхочуш хиллалц. Хьан мотт сацар хьо
сан дешнех ца тешарна хир ду, ткъа ас дийцинарг
шен хенахь билггала хир долуш ду».
21 Адамаш арахь Закрига хьоьжуш дара, иза
Везачу Элан цIа чохь хьеваларна цец а дуьйлуш.

† *1:5 1 Шерашкахь 24:10.*

†† *1:15 Лелар 6:3.* ‡ *1:17 Малъаки 4:5, 6.* ‡† *1:19 Даниал 8:16; 9:21.*

22 Закри, араваьлча, вист ца хилалора, цундела
куьйга эшарца дийца дийзира цуьнан. Массо а
кхийтира, цунна *Делан цIа* чохь сурт хIоьттинийла.
23 Далла гIуллакх деш долу денош чекхдевлча,
Закри цIа вирзира. 24 Дукха хан ялале цуьнан зуда
Элисат доьзалхочух хилира. Пхеа баттахь адамех
лечкъаш лийлира иза. 25 Цо бохура: «ХIара суна
Везачу Элера ду! Со хенара йоллушехь, сох
къинхетам а бина, нахана хьалха со юьхькIайчу
хIоттийна Цо».

### Iийса дуьнен чу валарх хаам

26 Элисат доьзалхочух йолу ялхалгIа бутт болуш,
Дала Джабраил-малик дахийтира Галилай-махкара
Назарт цIе йолчу гIала 27 †Марем цIе йолу йоIстаг
йолчу. Дауд-паччахьан тIаьхьенах волчу Юсупца
захало дийцина яра Марем. 28 Иза йолчу а деана,
малико элира: «Маршалла ду хьоьга, Дала хьуна
диканиг динарг! Веза Эла хьоьца ву!»
29 И дешнаш бахьана долуш, Марем синтем байна
яра, цо ойла йора, хIун маьIна долуш ду и
маршалла бохуш. 30 Малико бохура: «Ма кхера,
Марем! Дала хьуна диканиг дина! 31 ††Хьо берах хир
ю, ахь кIант вийр ву, цуьнан цIе Iийса а туьллур ю
ахь. 32 ‡Иза сийлахь хир ву, Цунах Веза Воккхачун
КIант эр ду. Везачу Дала Цунна Цуьнан ден Даудан
паччахьалла лур ду, 33 гуттар а ерриг Якъубан
тIаьхьенна тIехь куьйгалла деш хир ву Иза, Цуьнан
паччахьалла цкъа а кхачор дац».
34 «Иза муха хир ду, – хаьттира Марема, – со
хIинца а йоIстаг ма ю?»
35 Малико жоп делла: «Хьуна тIе Делан Са дуьссур
ду, Веза Воккхачун ницкъо дIахьулйийр ю хьо,
цундела хьан хиндолу бер Деза хир ду, Цунах
Везачу *Делан КIант* а эр ду. 36 Хьан гергара йолчу
Элисата а кIант вийр ву, ша ханна йоккха елахь а.
Цунах, иза доьзалхо хуьлуш яц бохуш, дуьйцура,
ткъа иза ялхалгIа бутт бу доьзалхочух йолу.
37 ‡†Деле дан а ца луш хIумма а ма дац!»
38 «Со Делан лай ю, – элира Марема, – ахь ма-
бохху, дерриг и хуьлийла соьца». Юха малик
дIадахара иза йолчуьра.

### Марем Элисат йолчу хьошалгIа йоьду

39 Масех де даьлча, Марем сихонца ЯхIуд-мехкан
ламанца йолчу цхьана юьрта яхара. 40 Закрин цIа
чу а яьлла, Элисате маршалла хаьттира цо.
41 Элисатна Мареман маршалла хезча, цуьнан
кийрара бер тохаделира. Оццу хенахь Элисат
Делан Синах юьзира. 42 Цо элира чIоггIа:
«Зударшна юкъахь декъала ю хьо! Хьан кийрара
бер а ду декъала! 43 Соьгара хIун диканиг даьлла
теша, сан Элан нана со йолчу ярна? 44 Хьан
маршалла хезча, сан кийрара бер хазахетта
тохаделира. 45 Декъала ю Дала бохург
кхочушхиларх тешнарг!»

### Марема Далла хастам бар

46 ТIаккха Марема элира:
«Сан даго къобалво Веза Эла,
47 Цунна со кIелхьарйоккхучу Далла доккхадеш ду
иза,
48 ‡‡хIунда аьлча Цуьнан лай йолчу сан кIезиг
хиларан тидам бина Цо!
ХIинца массо а тIаьхьенаша сох декъалниг эр ду,
49 хIунда аьлча Нуьцкъалчо суна
сийлахь гIуллакхаш дина дела.
Цуьнан цIе еза ю!
50 Цуьнан къинхетам тIаьхьенашкара
тIаьхьенашка
Цунах кхоьручарах бу!
51 Шен нуьцкъалчу куьйгаца Цо сийлахь
гIуллакхаш кхочушдина,
Цо, баржийна, дIасабаьхна шайн дегнашкахь
курабевлларш,
52 ‡‡†паччахьаш шайн гIанташкара биссийна,
ткъа миска нах Цо айина.
53 Цо мецанаш дикачу кхачанах бузийна,
хьалдерш хIума ца луш дIабахийтина.
54 ‡‡‡Цо гIо дина шен ялхочунна, Исраилан
халкъана.
Цуьнан дагахь дара ИбрахIимна а,
цуьнан тIаьхьенна а гуттаренна а къинхетам бан,
вайн дайшка Цо ма-аллара».
56 Марем, кхаа баттахь гергга Элисат йолчохь
хьошалгIахь а Iийна, цIа еара.

### Яхьъя дуьнен чу валар

57 Хан тIекхаьчча, Элисата кIант вира. 58 Лулахой а,
гергарнаш а, ла а дугIуш, Везачу Эло цунна и дика
болх барна, Элисатца цхьаьна хазахеташ,
баккхийбеш бара. 59 §БорхIалгIачу дийнахь кIант
хадо баьхкинарш цуьнан цIе шен ден санна Закри
тилла дагахь бара. 60 Амма нанас элира: «ХIан-хIа!
Цунах Яхьъя эр ду».
61 Цуьнга элира: «И цIе йолуш шун гергара цхьа а
ма вац!» 62 Цара куьйга эшарца дега хаьттира,
цунна кIентан цIе хIун тилла лаьа аьлла.
63 Закрис, цхьа жима у а дехна, массо цец а
воккхуш, яздира: «Цуьнан цIе Яхьъя ю». 64 Оцу
сохьта цуьнан мотт паргIат а баьлла, цуьнга Дела
хестош хабар дийцаделира. 65 Лулахой ларамах
буьзира. Хиллачух лаьцна массанхьа а ламанца
болчу ЯхIуд-махкахь дуьйцуш дара. 66 Массо а, и
хезнарш, шайн дагахь а, вовшийн а хоьттуш бара:
«Воккха хилча мила хир ву теша и кIант?» – бохуш.
ХIунда аьлча Везачу Элан ницкъ бара Яхьъяца.

† *1:27 Маттай 1:18.* †† *1:31 Маттай 1:21.* ‡ *1:32, 33 Дауд 7:12, 13, 16; ЕшаI-ЯхIу 9:7.* ‡† *1:37 Доладалар 18:14.*

‡‡ *1:48 Шамъал 1:11.* ‡‡† *1:52 Аюб 5:11; 12:19.* ‡‡‡ *1:46-55 Шамъал 2:1-10.* § *1:59 Iамалъяр 12:3.*

### Закрис Делера болу хаам бар

67 Цуьнан да Закри, Делан Синах а вуьзна, Делера
болу хаам бан волавелира:
68 «Декъала хуьлда Эла, Исраилан халкъан Дела,
ван а веана, Шен халкъ безачу мехах паргIатдаьккхина.
69 Шен ялхочун Даудан тIаьхьенах волу нуьцкъала стаг
ваийтина Цо вай кIелхьардаха,
70 Ша гуттар хьалха Шен безачу пайхамаршкахула ма-баххара.
71 Цо кIелхьардохуш ду вай вешан мостагIех а,
вай цадезачеран куьйгех а.
72 Цо вайн дайх къинхетам а бина,
Шен беза барт дагахь латта а бина –
73 вайн дега ИбрахIиме йина чIагIо.
Дала ИбрахIиме *ваIда* дина,
74 вай мостагIех кIелхьардохур ду аьлла,
цхьаннах а ца кхоьруш, вайга Шена гIуллакх дайтархьама,
75 дуьненахь йоккху хан
Цунна хьалха цIена а, дика а яккхийтархьама.
76 †Ткъа хьох, сан жиманиг, Веза Воккхачун пайхамар эр ду,
хIунда аьлча хьо Везачу Элана хьалха вогIуш хир ву,
Цунна некъ кечбеш,
77 Цуьнан халкъана церан *кIелхьардовлар*
къиношна гечдарца дуйла хоуьйтуш.
78 Вайн Делера болу кIорга безам бахьана долуш,
лакхара йолу серло санна Верг вай долчу вогIур ву,
79 ††Iожаллин боданехь Iаш берш серлабахархьама а,
машаран новкъа вайн когаш бахархьама а».
80 Жима бер доккха хуьлуш а, синан доьналлица
чIагIлуш а дара. Иза акхачу, адам кIезиг долчу
меттехь Iаш дара, Исраилан халкъана гIуллакх
даллал ша хиллалц.

### Iийса дуьнен чу валар

(Маттай 1:18-25)

2 Оцу деношкахь Август цIе йолчу пачхьера
омра делира, Рим-пачхьалкхера массо а адам
дIаязде аьлла. 2 Сири-махкахь Куьрна-мехкан
куьйгалхо волчу хенахь, адамийн дуьххьарлера
дIаяздар дара иза. 3 Цундела хIора а ша
схьаваьллачу гIала вахара дIаязвала.
4 Юсуп а вахара Галилайн махкарчу Назарт-
гIалара ЯхIуд-махка Дауд-паччахь винчу
Байтлахам-гIала, хIунда аьлча иза Даудан цIийнах
схьаваьлла вара. 5 Иза, доьзалхочух йолу а, шеца
захало дийцина йолу а Марем а эцна, дIаязвала
воьдуш вара. 6 Уьш Байтлахамехь болуш доьзалхо
дуьнен чу волу хан тIеккхечира. 7 Марема кIант
вира, шен дуьххьарлера доьзалхо. Цо иза, дIа а
хьарчийна, шаьш чохь долчу божалан хьаьвди чу
виллира, хIунда аьлча царна хьешан цIа чохь
меттигаш ца кхаьчнера.

### Iуй а, маликаш а

8 Оцу махкахь арахь буьйсанна шайн жаш
лардеш Iуй бара. 9 ЦIеххьана царна хьалха Везачу
Элан малик хIоьттира, Везачу Элера долчу нуьраца
уьш серла а бохуш. ЧIогIа кхерабелира Iуй.
10 Малико элира цаьрга: «Кхера ма лолаш! Со шуьга
массо а адам даккхийден долу *хаза кхаъ* бахьаш
деана! 11 Тахана Даудан гIалахь дуьнен чу ваьлла
шу *кIелхьардохург*, Веза Эла волу *Дала леррина
Къобалвинарг*. 12 ХIара билгало ю шуна:
ДIахьарчийна Бер карор ду шуна хьаьвди чохь».
13 ЦIеххьана маликана улло стигалара вуно
доккха маликийн эскар доьссира. Цара, Далла
хастамаш а беш, бохура:
14 «Лакхарчу стигалшкахь Далла хастам бу!
Дуьнен тIехь Дела реза волчу адамашна машар бу!»
15 Маликаш стигала хьаладевлча, Iуша вовшашка
элира: «Байтлахаме а дахана, цигахь хIун хилла
хьовса деза вай, вайга Везачу Эло баийтинарг хIун
хаам бу».
16 Уьш цига сихонца бахара. Царна карийра
Марем а, Юсуп а, хьаьвданахь Iуьллу Бер а. 17 Бер
гиначу цара дийцира, Цунах болу шайга бинчу
хаамах лаьцна. 18 Массо а ладугIуш верг
цецваьллера Iуша дийцинчунна. 19 Ткъа Марема
дерриг а хезнарг шен даг чохь латтадора. 20 Iуй
юхабирзира, Далла хастам а беш, хIунда аьлча
царна хезнарг а, гинарг а малико цаьрга ма-аллара
хиллера.

### Iийса Далла хьалха хIоттар

21 ‡БорхIалгIачу дийнахь кIант хадо везаш вара.
Цуьнан цIе Iийса тиллира. И цIе цунна малико, иза
ненан кийра а вале, тиллина яра.
22 Муса-пайхамаран товрат-хьехамаш тIехь
яздина ма-хиллара, церан цIена хуьлу Iадатан хан
тIекхаьчча, Марем а, Юсуп а, Iийса а эцна,
Ярушалайме деара Иза Везачу Элана хьалха хIотто.
23 ‡†ХIунда аьлча Везачу Эло товрат тIехь тIе-ма-
диллара: «Муьлхха а дуьххьарлера боьрша бер
Везачу Элана лерина хила деза». 24 ‡‡Цул сов, ши
къоркхокха я ши кхокха, бен а бейтина, сагIа
даккха дезара, Везачу Эло товратехь ма-аллара.
25 Цу хенахь Ярушалаймехь ШамIа цIе йолуш
цхьа стаг вара. Иза чIогIа Делах кхоьруш а, дика
лелаш а, Исраилан халкъана синтем хиларе
сатуьйсуш а стаг вара. Делан Са а дара цуьнца.
26 Цунна Делан Синера хаам бара, Везачу Эло
леррина Къобалвинарг галлалц, иза лийр вац

† *1:76 Малъаки 3:1.* †† *1:79 ЕшаI-ЯхIу 9:2.*

‡ *2:21 а: Iамалъяр 12:3; б: Лака 1:31.* ‡† *2:23 Арадаккхар 13:2, 12.* ‡‡ *2:22-24 Iамалъяр 12:6-8.*

аьлла. 27 Делан Сино валийра иза Делан цIийнан
керта. Мареммий, Юсуппий, жима Iийсай цига
баьхкича, Iийсана тIехь, Дала товратахь тIе-ма-
диллара, гIуллакх дан, 28 ШамIас, Iийса куьйгаш тIе
схьа а эцна, Далла хастам а беш, элира:

29 «ХIинца, Айхьа ма-аллара, садалар атта долуш,
Хьайн лай волу со дIахецахьа, Хьалдолу Эла,
30 хIунда аьлча сан бIаьргашна гира адамаш
кIелхьардоху дерг,
31 Ахь массо а халкъашна хьалха кечдина долу.
32 †Иза кхечу къаьмнашна Дела гучуваккхаран
серло а ю,
Хьан Исраилан халкъан сий а ду!»

33 Дай-наний чIогIа цецдаьллера шайн кIантах
лаьцна ШамIас дийцинчух. 34 ШамIас Деле
дийхира, уьш къобалбе аьлла. Беран нене Мареме
цо элира:

«ХIара бер Дала къобалдина ду,
Исраилан халкъана юкъара дукхахберш
хIаллакьхилархьама а, кIелхьарбахархьама а.
ХIара Бер Дала елла билгало хир ю,
амма Кхунна резабоцурш а хир бу.
35 Иштта, дукхачу адамийн дагахь дерг гучудер ду.
Амма хьан дог, тур чекхдаьккхича санна,
баланехь хир ду».

36 Кхузахь яра Ашаран цIийнах а йолуш, шегахь
Делера хаам болуш йолу Пануалан йоI Iайнаъ. Иза
вуно къанъелла яра. Майрачуьнца ворхI шо бен
цхьаьна даьккхина яцара иза. 37 Важа йолу хан
йисина Iаш яьккхинера цо. ХIинца цуьнан дезткъе
диъ шо дара. Иза, Делан цIийнан кертара дIа ца
йолуш, дийнахь а, буса а Далла марханашца а,
доIанашца а гIуллакх деш яра. 38 Оцу хенахь царна
тIееана, цо, Далла баркалла а бохуш, Ярушалайм
паргIатъяккхаре сатуьйсучу нахе оцу Берах лаьцна
дуьйцура.

39 ††Юсуп а, Марем а Везачу Эло тIедиллина
гIуллакх дина а даьлла, шайн Галилай-махкарчу
Назарт-гIала юхадирзира. 40 Ткъа Бер, де дийне мел
дели, синца чIагIлуш а, хьекъал тIекхеташ а,
кхуьуш дара, Делан дика а дара Цуьнца.

## Жима Iийса Ярушалаймехь

41 ‡ХIора шарахь цуьнан да-нана Пасахь ‡† олучу
дезачу дийнахь Ярушалайме доьдура. 42 Иштта
КIентан шийтта шо кхаьчча а, дезчу дийнахь
Ярушалайме, лам тIе хьалабевлира уьш, шайн
Iедалехь ма-хиллара. 43 Дезде чекхдаьлча, уьш цIа
богIуш, Iийса Ярушалаймехь висира. Дений-
нанний иза ца хиира. 44 Царна моьттура Иза
кхечаьрца схьавогIуш ву. Цхьана дийнахь некъ
бинчул тIаьхьа, Иза гергарчаьргахь а,
бевзачаьргахь а леха буьйлабелира уьш. 45 Иза ца
карийча, Ярушалайме юхабаьхкира уьш, Иза
лоьхуш. 46 Кхо де даьлча, карийра царна Иза Делан
цIийнан кертахь. Iеламчу нахана юкъахь Iаш вара
Иза, цаьрга ладоьгIуш а, хеттарш деш а. 47 Массо а
ладугIуш берш цецбуьйлура Цуьнан кхетамах а, Цо
лучу жоьпех а. 48 Да-нана цецдаьллера, Иза цигахь
а гина. Нанас хаьттира Цуьнга: «КIант, хIара хIун ду
ахь тхоьца деш дерг? Хьан да а, со а чIогIа
сагатдеш, Хьо лоьхуш лелаш ма ду».

49 «Аш хIунда лоьху Со? – хаьттира Цо. – Шуна ца
хаьара, Со Сайн Да волчохь хила везаш вуйла?»
50 Амма уьш ца кхийтира Цо аьллачу дешнех.

51 Иза цаьрца Назарте схьавеара. Цара бохург
деш, царна муьтIахь вара Иза. Ткъа нанас дерриг а
хилларг шен даг чохь латтадора. 52 ‡‡Iийса воккха
хуьлуш а, хьекъалца совволуш а вара. Цунна Дела
а, нах а реза бара.

## Яхьъяс хьехам бар

(Маттай 3:1-12; Марк 1:1-8; Яхьъя 1:19-28)

3 Тибар паччахь волу пхийтталгIа шо долчу
хенахь, Понти Пулат ЯхIуд-махкахь мехкан
куьйгалхо волуш, ХIарод Галилайхь куьйгалхо
волуш, цуьнан ваша Пилап и санна Итурейхь а,
Трахонехь а куьйгалхо волуш, ткъа Лусан Абали цIе
йолчу меттигехь куьйгалхо волуш, 2 динан коьрта
дай бара Iанна а, Кайба а. Оцу шарахь яьссачу
арахь Закрин кIанте Яхьъяга Делера хаам хилира.
3 Цул тIаьхьа Яхьъя Йордан-хин бердаш тIехь болчу
махкахула вогIура. Цо кхайкхам бора нахе: «Далла
тIе а дерзий, шаьш хих чекхдахийта, Деле шайн
къиношна гечдайтархьама», – бохуш. 4 ‡‡†Цуьнан
хьехамех лаьцна ЕшаI-ЯхIу-пайхамаро яздина:

«Яьссачу аренгахь кхойкхучун аз хезаш ду:
„Везачу Элана некъ кечбе!
Нисде Цунна хьалха некъан тачанаш!
5 ХIора тогIи хьалаюзур ю,
хIора лам а, гу а охьахедар бу.
Харц некъаш нислур ду,
доьхнарш шарлур ду.
6 Массарна а гур ду
Дала адамаш кIелхьардахар!“»

7 ‡‡‡Хих чекхбахийта баьхкинчу нахе Яхьъяс
бохура: «Шу лаьхьанан кIорнел а чIогIа зуламе
адамаш ма ду! Хьан бина шуьга, тIедогIучу
къематан дийнах кIелхьардовла деза аьлла, хаам?
8 §Шу Далла тIедирзина делахь, шайн дахарехь иза
гайта. „Тхан да ИбрахIим ву“, – алий, тоам ма бе. Ас
боху шуьга, Делан таро ю оцу Iохкучу тIулгех а
ИбрахIимна тIаьхье ян. 9 §†Орамашна тIехула диг
хьалаайина ду: хIора шена тIе пайден болу стом ца
латтош долу дитт, хада а дой, цIера юккъе кхуссу».

10 «Ткъа хIун де оха?» – бохуш хоьттура наха.

---

*† 2:32 ЕшаI-ЯхIу 42:6; 49:6; 52:10. †† 2:39 Маттай 2:23. ‡ 2:41 Арадаккхар 12:1-27; Карлабаькхинарг 16:1-8. ‡† Пасахь *– жуьгтийн дезачу денош юкъахь лоруш долу цхьа де ду иза. И де Дала уьш Мисар-махкахь леш болчуьра кIелхьарбахар дагадоуьйту де ду.**

*‡‡ 2:52 Шамъал 2:26; Кицанаш 3:4. ‡‡† 3:4-6 ЕшаI-ЯхIу 40:3-5 (Грекийн). ‡‡‡ 3:7 Маттай 12:34; 23:33. § 3:8 Яхьъя 8:33. §† 3:9 Маттай 7:19.*

11 Яхьъяс жоп лора: «Шен ши коч йолчо цхьа а
йоцучунна цхьаъ дIало, шен яа хIума йолчо изза
де».
12 †Ял йоккхуш берш а богIура шаьш хих
чекхбахийта. «Устаз! – хоьттура цара, – оха хIун дан
деза?»
13 «Нахера совнаха ял ма яккха», – бохура цо
цаьрга.
14 ТIемалоша хаьттира цуьнга: «Оха хIун дан
деза?»
Яхьъяс жоп делира: «Нуьцкъах нахера хIуманаш
схьа ма яха, бехке воцург бехке ма ве, шайн алапах
тоам бе».
15 Адам цхьана хIумане сатуьйсуш Iара, массеран
дагахь дара: « *Дала леррина Къобалвинарг* вуй
теша Яхьъя?» 16 Яхьъяс бохура цаьрга массаьрга а:
«Ас шу хих чекхдоху, амма сол нуьцкъалниг вогIур
ву шуна, со Цуьнан мачийн бахтарш дIадаста а
хьакъ вац. Цо Делан Синах дузор а ду, цIерца а
дахчор ду шу. 17 Цуьнан карахь кIа ору баьхьа бу,
хьаьттахь долу кIа, цIан а дина, цIа чу
схьагулдархьама. Ткъа кегаш цкъа а дIайовш
йоцучу цIера юкъахь ягор ю Цо».
18 Оцу дешнашца а, кхин дуккха а кхидолчу
тIедожоршца а халкъе хазачу кхоах лаьцна хаамаш
бора Яхьъяс. 19 ††Цу хенахь Яхьъяс бехке вира
махкана тIехь куьйгалла деш волу ХIарод, шен
вешин зуда ХIародад ялийна аьлла а, кхин а
цуьнгара даьлла зуламаш бахьанехь а. 20 ХIарода
шегара девллачу зуламашна тIе кхин цхьаъ а
туьйхира: цо Яхьъя чувоьллира.

### Iийса хих чекхваккхар

(Маттай 3:13-17; Марк 1:9-11)

21 Схьавеанарг массо а хих чекхвоккхуш, Iийса а
ваьккхира. Иза доIа дан хIоьттира – стигал
еллаелира. 22 ‡Iийсана тIе Делан Са доьссира
кхокханан суьртехь. Стигалара аз хезира: «Хьо ву
Сан хьоме КIант! Хьоьца бу Сан лаам!»

### Iийсан дай

(Маттай 1:1-17)

23 Iийсан ткъе итт шо гергга дара, Иза Делах
лаьцна хьехамаш бан волавелча.
Иза, массарна ма-моттара, Юсупан кIант вара,
ткъа Юсуп Iелин кIант вара,
24 Iела Маттатан вара,
Маттат Левин вара,
Леви Мелхин,
Мелхи Яннайн,
Яннай Юсупан,
25 Юсуп Маттит-ЯхIун,
Маттит-ЯхIу Амосан,
Амос Нахьуман,
Нахьум Элсин,
Элси НагIайн,
26 НагIай Махьатан,
Махьат Маттит-ЯхIун,
Маттит-ЯхIу ШамIин,
ШамIа Юсахан,
Юсах Йовдин,
27 Йовди Йохьанан,
Йохьан Решан,
Реша Зурбабелан,
Зурбабел Шалтаалан,
Шалтаал Неран,
28 Нера Мелхин,
Мелхи Адин,
Ади Къосаман,
Къосам Iелмадин,
Iелмади Iаьран,
29 Iаьр ЮшаIан,
ЮшаI ЭлиIазаран,
ЭлиIазар Йораман,
Йорам Маттатан,
Маттат Левин,
30 Леви ШимIин,
ШимIа ЯхIудан,
ЯхIуд Юсупан,
Юсуп Йонаман,
Йонам Элъякъиман,
31 Элъякъим Мелин,
Мели Минадин,
Минади Маттетан,
Маттет Натин,
Ната Даудан,
32 Дауд Юшаян,
Юшай Iабадин,
Iабади БоIазан,
БоIаз Салманан,
Салман Нахьшонан,
33 Нахьшон Iамминадабан,
Iамминадаб Адманан,
Адман Раман,
Рам Хьацранин,
Хьацрани Парасан,
Парас ЯхIудан,
34 ЯхIуд Якъубан,
Якъуб Исхьакхан,
Исхьакх ИбрахIиман,
ИбрахIим ТIахьиран,
ТIахьир Нахьиран,
35 Нахьир СерагIан,
СерагI Рахьун,
Рахьу ПалагIан,
ПалагI Iебаран,
Iебар Селахьан,
36 Селахь Къаиман,
Къаим Арпахшадан,
Арпахшад Шимин,
Шима Нохьин,
Нохьа ЛемакIан,
37 ЛемакI Матушалахьан,

† *3:12 Лака 7:29.* †† *3:19, 20 Маттай 14:3, 4; Марк 6:17, 18.*
‡ *3:22 Доладалар 22:2; Забур 2:7; ЕшаI-ЯхIу 42:1; Маттай 3:17; Марк 1:11; Лака 9:35.*

Матушалахь ХIанохан,
ХIанох Ярадан,
Ярад Махьаллалан,
Махьаллал Къаиман,
38 Къаим Эношан,
Энош ШатIин,
ШатIа Адаман,
ткъа Адам – *Делан кIант* вара.

### Iийса зер
(Маттай 4:1-11; Марк 1:12, 13)

4 Делан Синах вуьззина веара Iийса Йордан-хи
тIера. Делан Сино Иза яьссачу метте
дIавигира. 2 Цо шовзткъа де-буьйса даьккхира цу
меттехь. Оцу шовзткъа дийнахь-бусий Иза волчохь
*иблис* дара, ХIара зуьйш. Ерриг и хан йоккхуш
Iийсас хIума ца йиъНера. Эххар а мацвеллера Иза.
3 Иблисо элира Цуьнга: «Хьо *Делан КIант* велахь,
хIокху тIулге бепиг хила ала».
4 †Iийсас жоп делира: «„Адам деккъа цхьана
баьпках дехаш дац“, – аьлла, яздина ду».
5 Юха, лаккхарчу метте хьала а ваьккхина,
бIаьрган негIар тухучу ханна дуьненахь мел йолу
пачхьалкхаш гайтира Цунна иблисо. 6 ТIаккха
иблисо элира: «Хьуна лур ду ас оцу пачхьалкхашна
тIехь олалла дар а, церан сийлалла а, хIунда аьлча
иза дерриг а Дала сайна даларна, сайна лууучунна
дIадала йиш ю сан. 7 И дерриг Хьан хир ду, нагахь
санна Ахь суна, Далла санна, Iибадат дахь».
8 ††Амма Iийсас элира: «Яздина ду: „Везачу Далла
бен ма де Iибадат, Цунна бен гIуллакх а ма де!“»
9 Иблисо Iийса Ярушалайме а вигина, Делан
цIийнан тхов буьххье хьалаваьккхира. «Хьо Делан
КIант велахь, – элира иблисо, – кхузара чуккхоссало.
10 ‡Яздина ма ду: „Везачу Элo шен маликашка Хьох
лаьцна омра дийр ду, Хьо леррина ларве“, – аьлла.
11 Кхин а яздина ду: „Цара куьйгаш тIехь дIахьур ву
хьо, хьан ког тIулгах а ца тасаболуьйтуш“».
12 ‡†Амма Iийсас цунна жоп делира: «„Хьайн Веза
Дела зе ма гIерта“, – аьлла, яздина ду».
13 Iийса зийна а даьлла, иблис дIадахара, юха шен
аьтто баллалц.

### Iийса Галилайхь хьехамаш бан волало
(Маттай 4:12-17; Марк 1:14, 15)

14 Iийса, Делан Синан ницкъ Шеца болуш,
Галилай-махка юхавеара. Цунах лаьцна берриг
махкахь дуьйцуш дара. 15 Церан гуламан
цIеношкахь нахана хьеха волавелира Иза. Массара
а хеставора Иза.

### Iийса Назарт-гIалахь тIе ца оьцу
(Маттай 13:53-58; Марк 6:1-6)

16 Ша кхиинчу Назарт-ГIала веара Iийса. Далла
леринчу шоьтан дийнахь, гуттар а Ша ма-варра,
жуьгтийн *гуламан цIа* чу веара Иза, Дала делла
Йозанаш деша. 17 Цунна схьаделира ЕшаI-ЯхIу-
пайхамаро яздина, хьарчийна тептар. И схьа а
даьстина, оьшу меттиг схьа а лехна, дIадийшира
Цо:
18 ‡‡«Везачу Элан Са дагца ду сан,
хIунда аьлча Цо со къобалвина
мискачарна *хаза кхаъ* кхайкхо.
Цо со хаам бан ваийтина:
чубоьхкинарш паргIат а бохур бу,
бIаьрзечарна серло а лур ю.
Со ваийтина ву Iазапехь берш мукъабаха,
19 Везачу Элo Ша нахана дика болх бен йолу хан
дIахаийта».
20 И дешна а ваьлла, тептар дIа а хьарчийна, цIа
чохь гIуллакх дечу стаге дIаделира Цо. Юха Iийса
охьахиира. Чохь верг массо а Кхуьнга схьахьоьжуш
вара. 21 Iийсас элира: «Тахана кхочушхилла хIокху
тептар тIехь яздинарг, шуна иза хезачу хенахь».
22 Массо а, ХIара къобалвеш, цецваьллера Цуьнан
багара схьадолучу дикачу дешнех. Наха вовшашка
хоьттура: «Юсупан кIант ма ву Иза?» – бохуш.
23 ТIаккха Iийсас элира: «Аша эр ду Соьга, олуш
ма-хиллара: „Лор, айхьа-хьайна дарба де“. Цу тIе а
доьгIна, аш ала мега: „Тхуна хезнера Къапарнамехь
хилларг. Кхузахь, Хьо кхиинчу гIалахь, изза де“, –
аьлла». 24 ‡‡†Юха Iийсас тIетуьйхира: «Ма-дарра
бакъ ду: ша схьаваьллачу махкахь пайхамар
тIеоьцуш ца хилар. 25 ‡‡‡Баккъал боху Ас шуьга: Эли-
ЯхIу-пайхамаран заманахь дукха бисина Iаш
зударий бара Исраилехь. Цу хенахь кхаа шарахь
догIа а ца деана, мацалла хIоьттинера берриг а
махкахь. 26 §Амма оцу зударшна цхьанна а тIе ца
веанера Эли-ЯхIу, цхьаъ йоцучунна. Иза ЦIадан-
махкара Сарпатера йисина Iаш йолу зуда яра.
27 §†Дуккха а дIа ца йоьрзу *чкъуран цамгар* йолуш
нах бара Исраилехь ЭлишаI-пайхамар волчу
хенахь. Амма оцу нахах даьIнех цхьа сирийхо
НаIаман воцург цхьа а цIан ца велира».
28 И дешнаш хезча, оцу цIа чохь волу массо а,
оьгIазвахана, 29 хьалаиккхира. Цара Iийса гIали
чуьра араваьккхира. И гIала тIехь лаьттачу лома
йистте схьа а валийна, Иза Iинна чукхосса гIерташ
бара уьш. 30 Амма Iийса, нахана юккъехула а
ваьлла, Шен некъахула дIавахара.

### Жино хьийзош волу стаг
(Марк 1:21-28)

31 Галилай-махкарчу Къапарнам цIе йолчу гIала
веара Iийса. Далла леринчу шоьтан дийнахь
нахана хьехамаш бора Цо. 32 §††Массо а, цецволий,
Цо дечу къамеле ладоьгIуш Iара, хIунда аьлча
шатайпа ницкъ болуш дара Цуьнан къамел.
33 Гуламан цIа чохь жино талхийна цхьа стаг вара.
Оцу стага мохь хьаьккхира: 34 «ХIей, Хьан хIун
гIуллакх ду тхоьца, Назартара Iийса? Тхо

† *4:4 Карлабаьккхинарг 8:3.* †† *4:8 Карлабаьккхинарг 6:13.* ‡ *4:10, 11 Забур 90:11, 12.* ‡† *4:12 Карлабаьккхинарг 6:16.* ‡‡ *4:18, 19 ЕшаI-ЯхIу 61:1, 2 (Грекийн).* ‡‡† *4:24 Яхьъя 4:44.* ‡‡‡ *4:25 Сулим 17:1.* § *4:26 Сулим 17:8-16.* §† *4:27 Сулим 5:1-14.* §†† *4:32 Маттай 7:28, 29.*

хӀаллакдан веана Хьо? Суна хаьа Хьо мила ву –
Делан Везаниг!» – бохуш.
35 Іийсас омра дира жине: «ДӀасаца! Цунна чуьра
арадала!» – аьлла. Цу нахана юккъехь и стаг охьа а
тоьхна, цунна чуьра жин араделира, цу стагана зен
а ца деш.
36 Массо а наха, чӀогӀа цецбевлла, вовшашка
хьоттура: «И хӀун хьехам бу? Жинаш, Цуьнан омре
ладугӀий, стагана чуьра арадовлу. Царна тӀехь
олалла до Цо», – бохуш. 37 Іийсах лаьцна оцу
махкахь массо а меттехь дуьйцуш дара.

### Іийсас дукха адам тодо

(Маттай 8:14-17; Марк 1:29-34)

38 Іийса, гуламан цӀа чуьра ара а ваьлла, ШамӀа
волчу цӀа вахара. ШамӀин стуннана дагар долуш
Іуьллуш яра. Іийсага цунна дарба де аьлла,
дехнера. 39 Оцу зудчунна тӀехула а хӀоьттина,
дагаре дегӀах дӀакъаста аьлла, омра дира Цо. Дагар
дӀаделира, и зуда, хьала а гӀаьттина, кхарна
хьошалла дан йолаелира.
40 Сарахь, малх чубузучу хенахь, цомгуш болу
массо а нах балийра Іийсана тӀе. Царна хӀоранна
тӀе куьйгаш а дохкуш, дарба дира Цо.
41 Дукхахдолчу адамех жинаш дӀакъаьстира: «Хьо
Делан КӀант ву!» – бохуш, маьхьарий а детташ.
Іийсас царна иза ала ца магадора, хӀунда аьлча
царна хаьара Иза, *Дала леррина Къобалвинарг*
вуйла.

### Іийсас ЯхӀуд-махкахь хьехамаш бо

(Марк 1:35-39)

42 ШолгӀачу дийнахь, Іуьйранна, цхьа а адам
доцучу метте вахара Иза. Амма нах Иза леха
хӀиттира, ткъа И волчу а баьхкина, уьш Иза сацо
гӀерташ бара, шаьш долчуьра дӀацавахар а
доьхуш. 43 Амма Іийсас элира: «Делан Олаллех
лаьцна хаза кхаъ баржош, кхечу меттигашка а
кхача везаш ву Со, хӀунда аьлча Со оцу балхана
ваийтина ву».
44 ЯхӀуд-махкахь тайп-тайпанчу меттигашка а
воьдуш, гуламан цӀеношкахь нахана хьехамаш
бора Цо.

### Іийсан дуьххьарлера мурдаш

(Маттай 4:18-22; Марк 1:16-20)

5 †Цкъа Гансарт цӀе йолчу Іомана йистехь
лаьтташ вара Іийса. Дукха адам дара Цунна
гонах гулделла, тӀе теӀаш, Делера долчу даше
ладогӀархьама. 2 Іийсана берда тӀехь ши жима
хинкема гира. Царна чуьра охьабиссина
чӀерийлецархой шайн бойнаш цӀанъеш бара.
3 ТӀаккха тӀевахана цхьана хинан кеманан дега,
ШамӀе, Ша берда йистера кеман тӀехь жимма
дӀавига элира Цо. Юха оцу кеманна чу а хиина,
нахана хьехам бан волавелира Иза.

† *5:1-3 Маттай 13:1, 2; Марк 3:9, 10; 4:1.*

4 Шен къамел чекхдаьлча, Цо ШамӀе элира: «Хи
кӀорга долччига дӀадахийта кема! Цигахь шайн
бойнаш чутаса, чӀерий лецархьама!»
5 ††ШамӀас жоп делира: «Лоруш волу Устаз!
Буьйсанна сахиллалц болх бина оха сийсара, амма
хӀумма а ца лаьцна. Делахь а, Ахь аларна, бой чу-м
тосур ю ас». 6 ‡Бойнаш чутесча, цара вуно дукха
чӀерий лийцира. И бойнаш эттӀал чӀогӀа дукха
чӀерий дара царна чохь. 7 ШамӀагӀара кхечу
кеманна тӀехь болу шайн накъостий, куьг а
ластийна, схьакхайкхира. Уьш схьабаьхкича, шина
а кеманна тӀе чӀерий хьаладехира цара. И чӀерий
дукха долуш, хинан кеманаш бухадаххал чӀогӀа
дуьзина дара. 8 ШамӀа-Кипас, и ган а гина, Іийсан
когашка а воьжна, дехар дира: «Эла! ДӀагӀохьа
кхузара, къинош летийна стаг ву-кх со!»
9 И лецна чӀерий гина, ШамӀа а, цуьнан
накъостий а чӀогӀа цецбевлла бара. 10 Иштта
цецваьлла вара Зевадин ши кӀант, Якъуб а, Яхьъя а
– ШамӀин накъостий. Іийсас элира ШамӀе: «Кхера
ца оьшу! ХӀинца дуьйна адамийн синош лецархо
хир ву хьо».
11 Кеманаш берда тӀе хьала а даьхна, шадерг
цигахь а дитина, Іийсана тӀаьхьахӀиттина
дӀабахара уьш.

### Іийсас дӀа ца йоьрзу чкъуран цамгар йолу стаг тово

(Маттай 8:1-4; Марк 1:40-45)

12 Цкъа цхьана гӀалахь вара Іийса. Оцу гӀалахь
вехаш вара цхьа стаг, дӀа ца йоьрзу йолу *чкъуран
цамгар* йолуш. Іийса шена гича, Цунна хьалха гора
воьжна, дийхира оцу стага: «Эла! Хьайна лиъча, со
товийр вара-кх Ахьа», – аьлла.
13 ДӀакховдийна, цунах дӀа а Іоьттина, Іийсас
элира: «Суна лаьа хьо товала! ЦӀанло!» Оцу сохьта
цу стеган дегӀ цӀанделира. 14 ‡†Юха Іийсас элира
цуьнга: «Кхунах лаций цхьаьнгге хӀумма а ма
дийцалахь. Ткъа хӀинца ваха а гӀой, хьо динан дега
гайта. Муса-пайхамаро тӀе-ма-диллара, Далла
лерина сагӀанаш даха. Хьо товаларан тоьшаллина
хир ду иза нахана хьалха».
15 Амма Іийсах лаьцна хабар шуьйра даьржаш
дара массо а меттехула. Цунна тӀе дукха адам
догӀура: Цуьнга ладогӀа а, дарбанаш дайта а. 16 Ткъа
Іийса кест-кеста адам доцучу метте дӀа а воьдий,
Деле доӀанаш деш Іара.

### Іийсас дегӀан дола ца далуш волу стаг тово

(Маттай 9:1-8; Марк 2:1-12)

17 Цкъа Іийса нахана хьоьхуш волчу хенахь, И
волчу цӀа чохь динан куьйгалхой бара. Царах
цхьаберш *парушхой* бара, вуьш Іелам нах бара.
Уьш Галилай-мехкан а, ЯхӀуд-мехкан а мел йолчу
гӀаланашкара а, Ярушалаймера а баьхкинера.
Нахана дарбанаш лелорхьама, Іийсаца Везачу
Элан ницкъ бара. 18 ДегӀан меженаш лела а ца луш,

†† *5:5 Яхьъя 21:3.* ‡ *5:6 Яхьъя 21:6.* ‡† *5:14 Іамалъяр 14:1-32.*

меттахь Іуьллуш волу цомгуш стаг валош цхьа нах
баьхкира. ЦІа чу а ваьхьна, иза Іийсана хьалха
вилла гІерташ бара уьш. 19 Амма цІенна гонахьа
дукха нах хиларна, иза чувохьийла а ца хилла, и
цомгуш стаг а эцна, тхов тІе хьала а бевлла, нийса
болчу цу тховх Іуьрг а даьккхина, цІа чу биссира
уьш. Цомгуш верг шен мотт-гІайбица нахана
юккъе а веана, Іийсана хьалха охьавиллира цара.
20 Церан Шех тешар а гина, Іийсас элира: «ДоттагІа!
Хьан къиношна гечдина», – аьлла.
21 ТІаккха Іелам наха а, парушхоша а шайн дагахь
бохура: «И ма Іеса къамел ду Цо деш дерг. Иза
мила ву? Къиношна гечдан хьенан бакъо ю, цхьа
Дела воцучун?»
22 Амма Іийсас, церан дог-ойла хууш, элира:
«Иштта ойланаш хІунда йо аш? 23 ХІун ду атта ала:
„Хьан къиношна гечдина“, я „Хьала а гІаттий,
дІагІо“? 24 Амма Суна лаьа шуна хаийта Адамийн
КІентан дуьнен чохь къиношна гечдан олалла
дуйла», – аьлла, цомгуш волчу стаге Цо элира: «Ас
боху хьоьга, хьала а гІаттий, хьайн мотт-гІайба
схьа а эций, цІа гІуо!»
25 Оцу сохьта и цомгуш верг, хьала а гІаьттина,
шен мотт-гІайба схьа а эцна, цІа вахара, Далла
хастамаш а беш. 26 Чохь берш инзарбевллера. Деле
болчу ларамах дегнаш дуьзна, цара бохура: «Вайна
тахана гинарг инзаре тамашийна хІума ду!»

### Левига тІекхайкхар

(Маттай 9:9-13; Марк 2:13-17)

27 Цул тІаьхьа, ара а ваьлла, схьавогІуш, ял
йоккхуш волу, Леви цІе йолу цхьа стаг гира
Іийсана. Леви ял схьагулъеш болчеран бун чохь
Іаш вара. Іийсас элира цуьнга: «Суна тІаьххье
схьавола!» 28 Леви, дерриг охьа а тесна, Іийсана
тІаьххье дІавахара.
29 Левис шен цІахь Іийсана доккха той хІоттийра.
Дукха адам дара цигахь. Ял йоккхуш берш а, кхин
нах а бара цаьрца хІума юуш. 30 †Парушхоша а,
Іеламчу наха а, резабоцуш, Іийсан мурдашка
бохура: «И муха мегар ду? Ял йоккхуш болчу а,
къинош летийна болчу а нахаца дууш, молуш ма ду
шу?»
31 Царна жоп луш, Іийсас элира: «Могуш болчарна
лор оьшуш вац, цомгуш болчарний бен.
32 Бакъахьара лелачаьрга кхайкхам бан ца веана
Со, къинош летийначаьрга метта а дуьйлий, Далла
тІедерза ала веана».

### Марха кхабарх лаьцна

(Маттай 9:14-17; Марк 2:18-22)

33 Юха цара элира Іийсага: «Яхьъян мурдаш кест-
кеста *марха* кхобуш а, ламаз деш а бу, иштта бу
парушхойн мурдаш а, ткъа Хьан мурдаш дууш а,
молуш а бу».
34 Іийсас царна жоп делира: «Масала, зуда ялийна
меттиг хилча, зуда ялош волчун накъостий, и стаг
шайна юкъахь мел ву, марха кхобур дуй, шаьш
гІайгІане хилар гойтуш? 35 Цхьа хан а еана, и зуда
ялийнарг дІавигча, тІаккха даарх, маларх
херабевлла, сингаттаме хир бу уьш».
36 Юха Іийсас царна цхьа хьекъале дустар
далийра: «Цхьаммо а ширачу духар тІе, керлачу
тІера схьа а яьккхина, йома латор яц, хІунда аьлча
керла духар а дохор ду, ширачу духар тІехь керла
йома товр яц. 37 Цхьаммо а керла чагІар ширачу
*пІаьлдиг* чу ца дутту, хІунда аьлча и пІаьлдиг а
бетІар бу, чагІар а Іенар ду. 38 Керла чагІар керлачу
пІаьлдиг чу дотта деза. 39 Цхьаммо а шира чагІар а
мелла, юха керланиг мер дац, хІунда аьлча цо эр
ду: „Шираниг гІолехь ду“».

### СадоІучу шоьтан дийнахь буьртигаш схьадахар

(Маттай 12:1-8; Марк 2:23-28)

6 ††Цкъа шоьтан дийнахь кІа дийначу арахула
схьавогІуш вара Іийса. Цуьнан мурдаш, кІен
кенаш схьа а дохуш, хьекха а деш, буьртигаш дууш
бара. 2 И гиначу цхьаболчу парушхоша элира: «И
хІун ду аш деш дерг? Дала кхоьллинчу шоьтан
садоІучу дийнахь дан мегаш доцу гІуллакх хІунда
до аша?»
3 Іийсас царна жоп делира: «Аша ца дешна Дауд-
паччахьо ша а, шен накъостий а мацбелча, динчух
лаьцна? 4 ‡Иза *Делан цІа* чу а веана, Далла
къобалдина долу бепиг схьа а эцна, ша а диина цо,
шеца болчу накъосташна а делла. Ткъа и бепиг
динан дайшна бен даа мегаш ца хилла».
5 КхидІа а Іийсас элира: « *Адамийн КІант* Дала
кхоьллинчу шоьтан денна тІехь а Эла ву».

### Іийсас куьг заьІап долу стаг тово

(Маттай 12:9-14; Марк 3:1-6)

6 Цкъа кхечу шоьтан дийнахь, *гуламан цІа* чу а
веана, нахана хьехам беш вара Іийса. Цигахь аьтту
куьг заьІап долуш цхьа стаг вара. 7 *Парушхой* а,
Іелам нах а чІогІа Іийса тергалвеш бара, Далла
леринчу шоьтан дийнахь Цо дарба до я ца до
хьоьжуш, юха Иза бехке вархьама. 8 Іийсана церан
дагахь дерг хаьара. Цо элира куьг заьІап долчу
стаге: «Хьала а гІаттий, массарна хьалха дІахІотта».
Важа, хьалха а ваьлла, дІахІоьттира. 9 ТІаккха
Іийсас элира цаьрга: «Ас хоьтту шуьга: хІун боху
бакъоно, Далла леринчу шоьтан дийнахь я дика, я
вон хІун дан мегаш ду? Стеган дахар
кІелхьардаккха я иза хІаллакдан?» 10 ТІаккха
массаьрга а хьаьжна, цхьа а вист ца хилча, Цо
элира куьг заьІап долчу стаге: «Схьакховдаде хьайн
куьг!» Вукхо куьг схьакховдийра – иза тоделира.
11 Парушхой а, Іелам нах а, оьгІазлонна кхехка а
кхехкаш, шайна юкъахь къамелаш деш бара,
Іийсана хІун дийр дара бохуш.

† 5:30 Лака 15:1, 2.

†† 6:1 Карлабаьккхинарг 23:25. ‡ 6:3, 4 Шамъал 21:1-6.

## Шийтта векал харжар
(Маттай 10:1-4; Марк 3:13-19)

12 Ишттачу цхьана дийнахь лам тIе хьалавелира
Iийса Деле доIа дан. Ерриг буьйса яьккхира Цо
Деле доIанаш деш. 13 ШолгIачу дийнахь Цо, Шен
мурдаш схьа а кхайкхина, царна юкъара шийтта
хьаьржира. Царах Цо *векалш* элира. Уьш бара:
14 ШамIа, шех тIаьхьа Iийсас Кипа аьлла цIе
тиллинарг, цуьнан ваша Iандар, Якъуб, Яхьъя,
Пилап, Барталамай, 15 Маттай, ТIама, ХIалпайн
кIант Якъуб, ШамIа, ша тIелаьцнарг тIевирззина
кхочушдан гIертарг, 16 Якъубан кIант ЯхIуд, иштта
шех ЯхIуд-Искархо олу, тIаьхьа ямартхо хилларг а.

## Iийсас дукха нахана хьехам бар а, дарбанаш дар а
(Маттай 4:23-25)

17 Iийса Шен векалшца, лам тIера чувуссуш,
нийсачу меттехь сецира. Цигахь Кхуьнан мурдаш а,
кхин дуккха а нах бара ЯхIуд-махкара а,
Ярушалаймера а, хIордан йистерачу Цора а, ЦIадан
а цIе йолчу гIаланашкара. 18 Уьш Iийсага ладогIа а,
шайна дарбанаш дайта а баьхкинера. Харцжинаша
хьийзош болчу нахана дарба дира Цо. 19 ХIора а
Iийсах куьг Iотта гIерташ вара, хIунда аьлча Кхунах
схьаболучу ницкъо царна дарба дора.

## Нахана хьалха лараме хетарг хийцар
(Маттай 5:1-12)

20 Шен мурдашка а хьаьжна, Iийсас элира:
«Дала декъала до шу, къенаш,
хIунда аьлча *Делан Олалла* тIе а лаьцна, Далла
уллохь ду шу.
21 Дала декъаладо шу, хIинца меца дерш,
хIунда аьлча тIейогIучу хенахь дуьзна хир ду шу.
Дала декъаладо шу, хIинца доьлхуш дерш,
хIунда аьлча тIейогIучу хенахь доьлур ду шу.
22 †Дала декъаладо шу, нахана шу ца дезачу
хенахь, цара шу лоьхкучу хенахь, шу сийсаздеш,
цIе бехъечу хенахь, Адамийн КIантах шу тешна
дела. 23 ††И де тIекхаьчча, халхадийла, самукъане
хила, хIунда аьлча йоккха ял хир ю шуна
стигалшкахь. Иштта харцо лелош церан дай
пайхамаршца а хилла.
24 Амма къа ду шун, хьолахой,
хIунда аьлча хIинца синтеме ду шу.
25 Къа ду шун, хIинца дуьзнарш,
хIунда аьлча тIейогIучу хенахь меца хир ду шу.
Къа ду шун, хIинца доьлуш дерш,
хIунда аьлча тIейогIучу хенахь шун бIаьргех хин
тачанаш оьхур ду.
26 Къа ду шун наха шух лаьцна диканиг олуш
хилча, хIунда аьлча иштта харцпайхамарш церан
дайша а хестийна».

## Далла хьалха лараме хетарг гайтар
(Маттай 5:38-48; 7:12; 7:1-5)

27 «Амма шуьга, Соьга ладугIучаьрга, боху Ас:
Шайн мостагIий беза, шаьш ца дезачарна диканиг
де, 28 шайна неIалт кхайкхош берш декъалбе,
шайна халахетар дечарах лаций доIанаш де.
29 Хьайна цхьана бесни тIе тIара тоьхнехь, важа
бесни кIел хIоттае. Нагахь санна цхьаммо хьан
тIехулара бедар хьоьгара дIаяьккхинехь, цунна
дуьхьало ма е бухалара коч хьоьгара дIайоккхуш.
30 ХIора доьхуш волчунна цо доьхург дIало. Нагахь
санна хьан долахь дерг цхьаммо дIаэцнехь, иза
юха ма деха. 31 ‡Нахаца, уьш шайца хила ма-
лаъара, хила.
32 Нагахь санна шу дезаш берш шуна безча, шуна
баркалла ца догIу. Къинош летийначарна а ма беза
шаьш безарш. 33 Нагахь аш шайна дика болх
биначарна дика болх бинехь, шуна баркалла ца
догIу. Къинош летийначара а ма до изза. 34 Нагахь
санна шайна схьалур дуй хуучу нахе бен аш
духалург ца лахь, шуна баркалла ца догIу. Къинош
летийначара а ма ло духалург, юха декхар
схьаэцархьама. 35 Амма аш кхечу тайпана дан деза:
шайн мостагIий беза, диканиг де, духалург ло,
схьадаларе а ца хьоьжуш, тIаккха шуна лун йолу ял
еза хир ю: шу Веза Воккхачун бераш хир ду, хIунда
аьлча Дела Ша а къинхетаме ву вочу а, шайна
динчу диканна хама ца бечу а нахаца.
36 Къинхетаме хила, стигалара шайн Да
къинхетаме ма-хиллара».
37 «Цхьанна а кхел ма е, Дала шуна а кхел йийр
яц. Цхьа а бехке ма ве, Дала шу а бехке дийр дац.
КъинтIерадовла нахана, Дела шуна а къинтIера
вер ву. 38 Нахана оьшург дIало, Дала шуна а лур ду
шуна оьшург. Ластийча, дуьзна тIехула оьхучу сахь
чохь лур ду шуна догIург. Аша нехан ма-хаддора,
Дала шун а хадор бу мах».

## Устаза аьлларг кхочушдар
(Маттай 7:16-20; 12:33-35; 7:24-27)

39 ‡†ТIаккха Iийсас иштта цхьа хьекъале дустар
далийра царна: «БIаьрзечуьнга бIаьрзениг
дIавигалур вуй? И шиъ ший а ор чу вужур ма ву.
40 ‡‡Мурд шен устазал лакхара вац. Дешна ваьлча,
дIанислур ву иза шен устазе.
41 Хьайна уллохь волчун бIаьргара чамхалге
хIунда хьоьжу хьо, хьайн бIаьргара хен а ца гуш?
42 Муха эр ду ахь цуьнга: „Ваша, хьайн бIаьргара
чамхалг дIаяккхийтахьа соьга“, хьуна хьайн
бIаьргара хен гуш ца хилча? Шалхонча! Цкъа
хьалха хьайн бIаьргара хен дIа а баккхий, хьайн
бIаьрса тоделча, тIаккха вешин бIаьргара чамхалг
дIаяккха».
43 «Дикачу дитто вон стоьмаш ца ло, вочу дитто
диканаш ца ло 44 ‡‡†Дитт шен стоьмашка хьаьжжина

† *6:22 1 Кипин 4:14.* †† *6:23 2 Шерашкахь 36:16; Векалийн 7:52.*

‡ *6:31 Маттай 7:12.* ‡† *6:39 Маттай 15:14.* ‡‡ *6:40 Маттай 10:24, 25; Яхьъя 13:16; 15:20.* ‡‡† *6:44 Маттай 12:33.*

девза. Массарна а хаьа, коканийн кулла тIера
комарш ца гулйой а, хьаьрмак кулла тIера кемсаш
ца йохий а. 45 †Дикачу стеган даг чуьра диканиг
долу, вочу стеган даг чуьра вониг долу. Стеган даг
тIехь дерг цуьнан матта тIехь а ду».
46 «Нагахь санна аш Сох „Эла“ олуш делахь,
тIаккха аш Ас бохург дан деза. 47 ХIора Со волчу
вогIуш верг, Сан дешнашка ладугIуш верг, уьш
кхочушдеш верг – Ас гойтур ду шуна, и хьанах тера
ву. 48 Иза цIа дечу стагах тера ву. Оцу стага, кIоргга
ахка а аьхкина, тархана тIехь бух боьттина. Хи,
хьала а даьлла, оцу цIенна тIе хьаьдча, цо цIа
меттах а ца даьккхина, хIунда аьлча иза дика дина
долу дела. 49 Ткъа важа, Соьга ла а доьгIна, Ас
бохург ца динарг – иза лаьтта тIехь, боьттина бух а
боцуш, цIа динчух тера ву. Хи, хьала а даьлла,
пенаш тIе хьаьдча, и цIа доьхна дIадаьлла, цунах
боккха барз бисина».

### Римхойн тIемалойн хьаькаман ялхо туовар
(Маттай 8:5-13)

7 ЛадугIуш болчаьрга деш долу Шен къамел
чекх а даьккхина, Iийса Къапарнам-гIали чу
вахара. 2 Цигахь цхьа римхойн эскарера тIемалойн
хьаькам вара Iаш. Оцу хьаькаман цунна чIогIа
дукхавезаш волу ялхо, цомгуш а хилла, вала
воллуш Iуьллуш вара. 3 Iийсах лаьцна шена хезча,
И волчу жуьгтийн баккхий нах бахийтира цо
дехарца, ван а веана, шен ялхо
кIелхьарваккхахьара аьлла. 4 Баккхий нах, Iийса
волчу а баьхкина, Цуьнга деха хIиттира: «И
хьаькам Ахь гIо дан хьакъ ву. 5 Цунна вайн къам
дукхадеза. Цо вайна *гуламан цIа* а дина», – аьлла.
6 Iийса цаьрца и хьаькам Iаш волчу вахара.
ЦIенна хIорш гергакхаьчча, хьаькамо шен
накъостий дуьхьал бахкийтира Iийсага дIаала:
«Эла! Хьайна хало ма е! Со хьакъ вац Хьо сан тхов
кIел ван. 7 ХIунда аьлча ас со Хьуна дуьхьал ван а
хьакъ ца лору. Амма Ахь цхьа дош аьлча, сан ялхо
толур вара. 8 Иза суна дика хаьа, хIунда аьлча суна
тIехь лаьтташ а ву хьаькам. Сан сайн карахь а бу
тIемалой. Аса „Валол!“ аьлча, царах муьлхха а ваха
веззачу дIавоьду. Вукхуьнга „Схьавоьл кхуза!“
аьлча, иза схьавогIу. Сайн ялхочуьнга „Иза де!“ олу,
цо и гIуллакх до».
9 Оцу дешнашка ла а доьгIна, чIогIа цецваьллачу
Iийсас, юха а вирзина, Шена тIаьхьа богIучу нахе
элира: «Ас боху шуьга, исраилхошна юкъахь а ца
гина Суна оцу стеган санна Делах тешар».
10 Хьаькамо бахкийтина нах цIа баьхкича, ялхо
товелла карийра царна.

### Йисина Iачу зудчун кIант денвар

11 Цул тIаьхьа дукха хан ялале Iийса Наин цIе
йолчу гIала вахара. Цуьнан мурдаш а, кхин дуккха
а нах бахара Цуьнца цига. 12 Оцу гIалин кевнна
йистте кхаьчча, Кхунна дуьхьал адамийн йоккха
тоба кхийтира. Уьш гIали чуьра велла кIант вахьаш
богIуш бара. И велларг йисина Iачу зудчун цхьаъ
бен воцу кIант вара. Оцу зудчуьнца гIалара
схьадогIуш дукха адам дара. 13 И зуда гина, цунах
чIогIа къахийтира Везачу Элана. Цо элира цуьнга:
«Ма елха!» – аьлла. 14 Юха тIевахана барамах куьг
Iоьттира Цо. Барам бахьаш богIу нах севцира.
Iийсас элира: «КIант, хьоьга боху Ас: хьалагIатта!»
15 Велларг, ден а велла, кIегар а хиина, вистхилира.
Iийсас иза нене дIавелира.
16 Массо а Деле болчу ларамах буьзира. Юха
Далла хастамаш бан хIиттира уьш. Цхьаболчара
бохура: «Веза пайхамар веана вайна юкъа».
Вукхара бохура: «Дела веана Шен халкъана гIо
дан».
17 Iийсах лаьцна и хабар берриг ЯхIуд махкахула
а, цунна гондахьа болчу мехкашкахула а
дIасадаьржира.

### Яхьъяс бохкуьйту нах
(Маттай 11:2-19)

18 Яхьъян мурдаша дийцира цунна Iийсас динчух
лаьцна. 19 Яхьъяс, царах шиъ схьа а кхайкхина,
Веза Эла волчу вахийтира Цуьнга хатта: «Хьо вуй и
ван везаш верг, я кхечуьнга хьежа деза тхо?» –
аьлла.
20 Вахийтинчу шиммо, Iийса волчу а веана, элира:
«Нах хих чекхбохучу Яхьъяс дахкийтина тхо Хьоьга
хатта: „Хьо вуй и ван везаш верг, я кхечуьнга хьежа
деза тхо?“ – аьлла».
21 Оцу хенахь Iийсас дукха нах тобора халчу
цамгарех, вочу жинех, дуккха а бIаьрзечарна
бIаьрса а лора. 22 ††Цо элира ваийтинчу шинга:
«Ваха а гIой, Яхьъяна дийца кхузахь шаьшшинна
гиначух а, хезначух а лаций. БIаьрзечарна бIаьрса
ло, астагIнаш нийса дIалела, ца йоьрзуш йолу
*чкъуран цамгар* ерш цIанло цу цамгарх,
къорачарна хеза, белларш денло, къечарна *хаза
кхаъ* кхайкхабо. 23 Декъала ву Сох шек воцург».
24 Яхьъяс бахкийтина нах дIабахча, Iийса адамийн
тобанна Яхьъях лаьцна дийца волавелира: «Шу
яьссачу аренга стенга хьовса даханера? Мохо
лесточу эрзе хьовса-м ца даханера шу? 25 ХIан-хIа.
Ткъа стенга хьажа даханера? Хаза хIума
тIеюьйхинчу стаге хьажа дахнера? ХIан-хIа.
Исбаьхьа бедарш юьйхина а, дезачу хьолахь болу
а нах паччахьан гIаланаш чохь Iаш бу. 26 Ткъа
хьаьнга хьовса дахнера шу? Пайхамаре хьовса
дахнера? ХIаъ, боху Аса шуьга. Яхьъя вукху
пайхамарел лакхара ву. 27 ‡Цунах лаьцна *Делан
Йозанаш* тIехь яздина ду: „Хьажал! Ас Хьуна хьалха
Сайн геланча воуьйту. Цо Хьуна некъ кечбийр бу!“
28 Ас боху шуьга: кху дуьнен тIе бевллачарна
юкъахь Яхьъял лакхара стаг вац. Амма *Делан*

† *6:45 Маттай 12:34.*

†† *7:22 а: ЕшаI-ЯхIу 35:5, 6; б: ЕшаI-ЯхIу 61:1.* ‡ *7:27 Малъаки 3:1.*

*Олалла* тIелаьцначарна юкъахь уггаре а лахарниг а
цул лакхара ву.
[29] †Яхьъяга ладугIуш хилла болчу наха, ял йоккхуш
болчара а тIехь, Делан лаам тIе а лаьцна, Иза
къобал а вина, Яхьъяга шаьш хих чекхбахийтира ††.
[30] Амма парушхошна а, Iеламчу нахана а, Делан
лаам тIе а ца лаьцна, Яхьъяга шаьш хих бахийта ца
лиира.
[31] Хьаьнца буста мегар бу таханлера нах? Хьанах
тера бу уьш? [32] Уьш базаран майданахь ловзучу
берех тера бу. Цара боху вовшашка:
„Оха шун дуьхьа шедаг лекхира, ткъа шу халха а
ца девлира!
Оха шуна гIийла эшарш лекхира, ткъа шу
гIайгIане а ца хилира!“
[33] Хих нах чекхбоху Яхьъя веара. Цо бепиг ца
дуура, чагIар ца молура. Аш цунах лаьцна олура:
„Иза жинаша хьийзош волу стаг ву“. [34] Цул тIаьхьа
*Адамийн КIант* веара. Цо яа а йоура, мала а молура.
Аш Цунах: „Хьовсал цу адаме! И юуш ву, молуш ву,
ял йоккхучийн а, къинош летийначийн а доттагIа
ву“, – олура. [35] Амма Делера долу хьекъал бакъдо и
схьаэцначу берриг а наха».

### Шен къиношна гечдайтина зуда.

[36] Цхьана парушхочо ша волчу шуьне кхайкхира
Iийсага. Iийса, и парушхо волчу а вахана, хIума
юучу меттехь дIатаьIна, агIорваьлла Iара. [37] ‡Оцу
гIалахь вон цIе йоккхуш, цхьа зуда яра, дукха
къинош долуш. Iийса парушхо волчохь
хьошалгIахь ву аьлла хезча, цига еара иза, мехалчу
кхаби чохь хаза хьожа йогIуш долу, дегIан
меженашна хьокху даьтта а дахьаш. [38] Iийсана
тIехьа, когашка дIа а хIоьттина, йоьлхуш, бIаьрхиш
Цуьнан когаш тIе а Iенош, юха шен ехачу месашца
уьш дIа а дохуш, Цуьнан когаш бакъа а беш, царах
барташ бохура, царна тIе хаза хьожа йогIу даьтта
дуьттура цо. [39] И гина, Iийса хьошалгIа кхайкхинчу
парушхочо шен дагахь ойла йира: «Нагахь санна и
стаг пайхамар велахь, Цунна хьалхе дуьйна хиъна
хир ду-кх, Шех куьйгаш Iуьттуш йолу зуда къинош
летийна юйла».
[40] Юха Iийсас элира цуьнга: «ШамIа, хьоьга цхьа
хIума ала лаьа Суна».
Вукхо жоп делира: «Алахьа, Устаз!» – аьлла.
[41] «Цхьана стеган ши декхархо хилла, –
волавелира Iийса. – Цхьаъ пхи бIе дато *динари-
ахча* дала дезаш хилла цунна, важа шовзткъе итт.
[42] Я цхьаннан, я шолгIачун дIадала ахча ца хилла.
ТIаккха ахча долчо, цу шинне геч а дина, и ахча
дитина. Шина декхархочух ахчанан да алсам
хьанна дукхавезар ву аьлла хета хьуна?»
[43] ШамIас элира: «Суна схьахетарехь, декхар
алсам долуш гечдинчунна алсам везар ву-кх и», –
аьлла.
«Нийса боху ахь», – элира Iийсас. [44] ТIаккха,
зудчуьнгахьа дIа а вирзина, Цо ШамIе элира:
«Хьуна гуш юй и зуда? Со хьан чу веача, ахь Суна
когаш била хи а ца делира, ткъа цо шен
бIаьрхишца Сан когаш башош, шен месашца уьш
бакъийра. [45] Со хьан чу ваьлча, ахь, Соьга
маршалла хоттуш, барт ца баьккхира, ткъа и зуда,
Со кхуза веачахьана, Сан когех барташ бохуш ю.
[46] Ахь Сан коьртах ур-атталла дораха зайтдаьтта а
ца хьаькхира, ткъа цо Сан когаш тIе деза, хаза
хьожа йогIу даьтта дуьтту. [47] Ас боху хьоьга: цо
оццул боккха безам гайтина, шен къиношна
гечдина дела. Ткъа кIезиг гечдинчо кIезиг безам
гойту».
[48] Iийсас цу зудчуьнга элира: «Хьан къиношна
гечдина».
[49] Кхиболу хьеший ойла еш бара: «И мила ву,
къиношна а гечдеш?»
[50] Iийсас цу зудчуьнга кхин а элира: «Хьан тешаро
кIелхьаръяьккхина хьо. ДIаяло хьайна маьрша».

### Iийсана тIаьхьахIиттина богIу зударий

**8** Цул тIаьхьа Iийса гIаланашкахула а,
ярташкахула а чекхволура, Делан Олаллех
лаьцна *хаза кхаъ* кхайкхош. Шен шийтта *векал*
вара Цуьнца, [2] ‡‡кхин масех зуда а, Цо жинех а,
цамгарех а тойина йолу: шена чуьра ворхI жин
схьадаьлла йолу Магдал-юьртара Марем а,
[3] ХIародан цIен чохь куьйгалла деш волчу Хьозан
зуда Яхьани а, Шушан а, кхин дуккха а берш. Оцу
зударша шайн хьола тIера дакъа луш гIо дора
Iийсана.

### Ахархочух лаьцна хьекъале дустар

(Маттай 13:1-9; Марк 4:1-9)

[4] Iийса волчу дукха нах тIеоьхура маьI-маьIIера.
Цо царна цхьа хьекъале дустар далийра:
[5] «Цхьа ахархо шен кха тIе хIу таса араваьлла. Цо
хIу тосучу хенахь цхьадолу буьртигаш некъан
йистехула охьаэгна хилла. Схьадаьхкинчу
олхазарша уьш дIадиъна. [6] Кхидолу буьртигаш
тIулгаш долчу лаьтта тIе ийгира. Церан зIийдигаш
гучуевлча, уьш якъаелира, хи а ца тоьъна.
[7] Кхидерш коканийн коьллаш юкъа ийгира, амма
коьллаша, юкъ а елла, хIун зIийдигаш
къайлаехира. [8] Ткъа важа долу хIу дика латта
долчохь нисделира. Хьала а девлла, дIадийначул
бIозза сов ялта делира цара».
И дийцар чекх а даьккхина, Iийсас чIоггIа элира:
«Лергаш долчунна хIара хезийла!»

### Дустаран маьIна довзийтар

(Маттай 13:10-17; Марк 4:10-12)

[9] Цуьнан мурдаша хаьттира Цуьнга, хIун маьIна
долуш ду и дийцар аьлла. [10] ‡‡Iийсас элира: «Шун

† 7:29, 30 Маттай 21:32; Лака 3:12. †† И аяташ тептар яздархочун дешнаш хила мегаш ду. Цунах лаьцна билггал хууш дац.* ‡ 7:37, 38 Маттай 26:7; Марк 14:3; Яхьъя 12:3.

‡† 8:2, 3 Маттай 27:55, 56; Марк 15:40, 41; Лака 23:49. ‡‡ 8:10 ЕшаI-ЯхIу 6:9 (Грекийн).

таро ю Делан Олаллех йолу къайленаш йовза, ткъа
кхечаьрга Ас ишттачу дустаршца дуьйцу, уьш
„хьоьжуш боллушехь, царна хIумма а ца гархьама,
ладугIуш боллушехь, дуьйцучух ца
кхетийтархьама“. 11 ХIара маьIна долуш ду и
далийна дустар: буьртиг Делан дош ду. 12 Новкъа
йистехь эгна буьртигаш – уьш Делан дош хезаш
берш бу. Амма схьадеанчу иблисо церан
дегнашкара и дош дIахьо, уьш, цунах теша а
тешна, кIелхьара ца бовлийтархьама. 13 Ткъа
тIулгаш тIе эгнарш – уьш, дош хезча, хазахетарца и
тIеоьцурш бу. Амма шайн цхьа а орам боцуш, уьш
цхьана ханна теша, ткъа зуьйш йолчу хенахь, уьш
юьстахбовлу. 14 Коканийн коьллаш юкъа эгна,
кхиъалц стом ца белла буьртигаш – уьш дош
хезнарш бу, амма юха дIа а бахана, дахаран
гIайгIанех, хьолах, дегIана там лахарх Iехабелларш
бу. 15 Ткъа дикачу латта тIе эгнарш – уьш, дош а
хезна, дикачу, цIеначу даг чохь и лардеш, собаре
хиларца пайден стом луш берш бу».

## Кхабина буха хIоттийна стогар
(Марк 4:21-25)

16 †«Цхьаммо стогар латийча, цунна тIехула кхаба
ца хIоттайо, я маьнги кIел ца хIоттабо иза, амма
чубогIучарна серло гун йолчу лакха
хьалахIоттабо.
17 ††ХIунда аьлча мел йоккха къайле а цхьанна ца
хууш юьсур яц, мел чIогIа лечкъийнарг а гIара ца
долуш а, гучу ца долуш а дуьсур дац.
18 ‡Цундела шайна хезачух лаций ойла елаш.
ХIунда аьлча долчунна кхин а тIелур ду, ткъа
доцучуьнгара шен ду моьттург а дIадоккхур ду».

## Iийсан нана а, вежарий а
(Маттай 12:46-50; Марк 3:31-35)

19 Iийса волчу Цуьнан наний, вежарий баьхкира,
амма Цунна гонах дукха адам хиларна, тIе ца
кхачалора уьш. 20 Цхьаммо Цуьнга элира: «Хьан
наний, вежарий бу арахь Хьо ган лууш».
21 Iийсас жоп делира: «Сан наний, вежарий Делан
даше ла а дугIуш, и кхочушдеш берш бу».

## Iийсас хи тIехь баьлла мох сацабо
(Маттай 8:23-27; Марк 4:35-41)

22 Цхьана дийнахь Шен мурдашца хинкеманна тIе
а хиина, Цо элира: «Iоман дехьа берда тIе девр ду
вай». Уьш хи тIехула дIабахара. 23 Хин кеманахь
уьш богIучу хенахь, Iийсана наб кхетта. Iома тIехь
чIогIа мох а баьлла, кеманна чу хи даьлла. Уьш
кхерамечу хьолехь хилла. 24 Мурдаша
самаваьккхина Iийса: «Устаз! Устаз! Вай
хIаллакьхуьлуш ду!»
Цо, хьала а гIаьттина, мохе а, тулгIенашка а омра
дира. Уьш совца а севцина, гонах тийналла
дIахIоьттира. 25 ТIаккха Цо хаьттира цаьрга:
«Мичахь ду шун тешар?»
Кхерабелла, цецбевлла вовшашка хоьттуш бара
уьш: «Мила ву Иза? Цо хине а, мохе а омра до, цара
ладугIу Цуьнга».

## Iийсас ГIарас-меттехь жинаша хьийзош волу стаг туовар
(Маттай 8:28-34; Марк 5:1-20)

26 Уьш Галилайна дуьхьалара берда тIехь Iуьллучу
ГIарас цIе йолчу метте баьхкира. 27 Iийса берда тIе
ваьлча, Цунна дуьхьал гIалара жинаша хьийзош
волу цхьа стаг веара. Иза, дукха хенахь дуьйна тIе
хIума ца юхуш, нах дIабухкучу хьехаш чохь Iаш
вара. 28 Iийса а гина, Цунна хьалха вуьйжира иза.
Iийсас омра дира жине, оцу стагана чуьра арадала
аьлла. Стага мохь тухуш элира: «ХIун оьшу Хьуна
соьгара, Iийса, Веза Воккхачун КIант? Доьху Хьоьга,
ма хьийзавехьа со». Жино дукха хенахь дуьйна
хьийзош вара и стаг. ЗIенашца дIа а вихкина,
ларвича а, уьш хеда а йой, жино бохург деш, цхьа а
адам доцучу, яьссачу метте дIавоьдура иза.
30 Iийсас хаьттира цуьнга: «ХIун ю хьан цIе?»
Цо элира: «Эскар», хIунда аьлча дукха жинаш
доьллера цунна чу. 31 Цу жинаша дехар дира
Iийсага, шаьш бух боцучу Iинах ма кхийсахьара
аьлла. 32 Циггахь лам тIехь бежаш хьакхарчийн
боккха бажа бара. Жинаша дийхира Iийсага, шаьш
царна чу довлийта аьлла. Цо царна пурба делира.
33 Жинаш, стагана чуьра ара а девлла,
хьакхарчашна чудевлира. Лекхачу берда тIера хи
чу а лилхина, буха яхара хьакхарчий.
34 Iуьша, хилларг ган а гина, бевдда бахана
дийцира и гIалахь а, юххерчу ярташкахь а.
35 Хилларг хIун ду хьажа адамаш даьхкира. Iийсана
тIебаьхкича, царна гира шена чуьра жинаш
арадевлла стаг. ТIе хIума а юьйхина, метта а веана,
Iийсан когашкахь Iаш вара иза. Схьабаьхкинарш
чIогIа кхерабелира. 36 Хилларг гиначара дийцира
царна, жинаша талхийна стаг муха товира. 37 Оцу
ГIарасара мел болчу бахархоша, шаьш чIогIа
кхерабелла хиларна, дехар дира Iийсага, шаьш а
дитина, дIагIахьара Хьо аьлла. Иза хIордкемана тIе
а хиина юхавирзира. 38 Шена чуьра жинаш
дIалаьхкинчу стага дехар дира Цуьнга, ша а
ваийтахьара аьлла.
Амма Iийсас дIавахийтира иза: 39 «ЦIа а гIой,
хьайна Дала мел дика дина дийца ахь», – аьлла.
Цу стага дIавахана гIалахь бехачаьрга шена
Iийсас динчу доккхачу диканах лаьцна дийцира.

## Яиран йоI еллачуьра денъяр а, цомгуш йолу зуда тояр а
(Маттай 9:18-26; Марк 5:21-43)

40 Дуккха а адам Iийсага хьоьжуш Iийра. Иза
юхавеача, наха Цуьнга маршалла хаьттира. 41
*Гуламан цIа* чохь куьйгалхо волу Яир веара Iийсана
тIе. Гора а воьжна, дийхира цо, шен цIен тIе

---

† *8:16 Маттай 5:15; Лака 11:33.* †† *8:17 Маттай 10:26; Лака 12:2.* ‡ *8:18 Маттай 25:29; Лака 19:26.*

вагIахьара Хьо аьлла. 42 ХIунда аьлча цуьнан цхьаъ
бен йоцу, шийтта шо кхаьчна йоI яра яла йоллуш
Iуьллуш.
Iийса дIавоьдуш Цунна гонах чIогIа дуькъа адам
дара, Иза халла бен чекх ца валалуш. 43 Оцу нахана
юкъахь цхьа зуда яра шийтта шарахь цIий ца
соцуш бала хьоьгуш, лоьрашна шен дерриг ахча а
доьхкина, церан ян гIоле а йоцуш. 44 ТIехьашхула
тIе а еана, Iийсан бедарх кхозучу чечакхах куьг
Iоьттира цо, оцу сохьта цуьнан дIаоьху цIий
сецира. 45 «Мила вара Сох куьг Iоьттинарг?» –
аьлла, хьаьттира Iийсас.
Цхьаммо а даре ца дира. Кипас элира: «Устаз! Нах
ма бу Хьуна гонах, цара дIаса ма тоьтту Хьо, ткъа
Ахь хоьтту: „Мила ву Сох куьг Iоьттинарг?“»
46 Амма Iийсас элира: «Сох цхьаммо куьг Iоьттира,
хIунда аьлча Суна хаабелира Сайх дIакъаьстина
ницкъ». 47 Зуда, ша гучуяьллий а хиина, ехьош
тIееана, Iийсана хьалха юьйжира. Массарна а
хьалха дийцира цо, ша Цунах куьг хIунда Iоьттира
а, шена оцу сохьта гIоле муха хилира а. 48 ТIаккха
Iийсас элира цуьнга: «Сан йоI, хьан тешаро тойина
хьо. Маьрша дIагIо хьайна».
49 Iийса къамел дина а валале, гуламан цIийнан
куьйгалхочун Яиран цIера геланча веара. «Хьан йоI
елла, – элира цо. – Устазана хало ян ца оьшу».
50 Амма Iийсас, и къамел а хезна, элира Яире:
«Кхера ма кхера, амма теша, тIаккха хьан йоI толур
ю».
51 Яиран керта а веана, Цо цхьанна а чу ван пурба
ца делира, Кипиний, Яхьъяний, Якъубаний, йоIан
дений-нанний бен. 52 Кертара адамаш оцу йоIана
доьлхуш дара. «Ма делха, – элира Iийсас, – иза ца
елла, иза йижина ю».
53 Уьш Цунах бийла хIиттира, хIунда аьлча царна
хаьара и йоI еллийла. 54 Iийсас, йоьIан куьг схьа а
лаьцна, элира: «ХьалагIатта, йоI!» 55 ЙоIана чу са
деара, иза цу сохьта хьалагIаьттира. Iийсас цунна
яа хIума ло элира. 56 Дай-наний чIогIа цецдаьлла
дара. Амма Iийсас элира цаьрга, хилларг цхьаьнгге
а ма дийца аьлла.

## Iийсас шийтта векал дIахьажор

(Маттай 10:5-15; Марк 6:7-13)

9 Шен шийтта *векал* схьа а кхайкхина, Iийсас
царна ницкъ а, бакъо а елира адамашна чуьра
дерриг жинаш лахка а, цамгарех нах тобан а. 2 Цо
дIахьовсийра уьш Делан Олаллех лаьцна кхайкхам
бан а, адамашна дарбанаш дан а. 3 «Шаьш новкъа
довлуш, шайца я Iаса а ма эца, я тIоьрмаг а ма эца,
я бепиг а ма эца, я ахча а ма эца, я хуьйцуш юха
бедар а ма эца», – элира Цо цаьрга. 4 «Шаьш
дIакхаьчначу цIа чохь Iе, оцу гIалара арадовллалц.
5 †Нагахь цхьанхьа шаьш тIе ца эцахь, шайн когаш
тIера чан дIаегае, гIалара арадовлуш. Шу тIе ца
эцначу нахана дуьхьал тоьшалла хир ду иза».
6 Iийсан векалш дIабахара. Ярташкара ярташка а
боьлхуш, *хаза кхаъ* кхайкхош, массанхьа а нахана
дарбанаш деш лелара уьш.

## ХIародан воьхна хьийзар

(Маттай 14:1-12; Марк 6:14-29)

7 ††Iийсас а, Цуьнан мурдаша а дечух лаьцна
хабар мехкан куьйгалхочунна ХIародна а хезира.
Иза собарх воьхнера, хIунда аьлча цхьаболчара
бохура веллачуьра Яхьъя денвелла, 8 вукхара –
Эли-ЯхIу-пайхамар веана, кхозлагIчара – ширачу
заманахьлера пайхамарех цхьаъ денвелла.
9 ХIарода ша-шега хоьттура: «Яхьъян ас корта
баьккхина. Ткъа и стаг мила ву теша, шех лаьцна и
хIуманаш наха дуьйцуш волу?» Иза Iийса ган
гIертара.

## Пхи эзар стаг вузор

(Маттай 14:13-21; Марк 6:30-44; Яхьъя 6:1-14)

10 Векалша, юха а баьхкина, дийцира Iийсана
шаьш динчух лаьцна. Уьш а эцна, цаьрца цхьаьна
хилархьама, Бет-Саида цIе йолчу гIали юххехьа
дIавахара Iийса. 11 Амма Иза мичахь ву а хиъна,
дукха адам деара Цунна тIаьхьа. Iийсас уьш
тIеийцира. Цо Делан Олаллех лаьцна а дийцира
царна, оьшучарна дарбанаш а дира.
12 Де суьйренгахьа лестича, Iийсан шийтта
векало, тIе а веана, элира Цуьнга: «Адам
дIададахийта деза. Луларчу ярташка а, кIоташка а
бахана, шайна дIадийша меттиг а, яа хIума а лохур
цара. Вай долу меттиг яьсса ю», – аьлла.
13 ТIаккха Iийсас элира цаьрга: «Аша лур ю царна
яа хIума».
Векалша жоп делира: «Вайгахь пхи хьоккхам, ши
чIарий бен бац. ГIой, царна массарна а яа хIума
эций оха?» – аьлла. 14 Цигахь гулвелларг пхи эзар
гергга стаг вара.
Амма Iийсас элира шен мурдашка: «Уьш, бекъа а
бекъий, шовзткъе итт-итт стаг волуш тобанашка
охьаховшабе», – аьлла.
15 Цуьнан мурдаша Цо ма-баххара массо а
охьахаийра. 16 Юха, шайгахь болу пхи хьоккхам, ши
чIарий схьа а эцна, стигала хьала а хьаьжна, и
кхача къобалбеш, доIа дира Iийсас. ТIаккха и
хьоккхамаш а, чIерий а дакъошка декъа а доькъуш,
Шен мурдашка дIакховдадора Цо. Цара и дакъош
нахе дIалора. 17 Массара а яа а йиира, массо а вуза
а вуьзира. Цул тIаьхьа Iийсан мурдаша схьагулдина
дисина дакъош шийтта тускар дуьззина дара.

## Кипас Iийсах лаьцна аьлларг

(Маттай 16:13-19; Марк 8:27-29)

18 Iийсас, Ша висна, доIа дечу хенахь, Цунна тIе
мурдаш баьхкира. Цо хаьттира цаьрга: «Наха Со
мила ву олу?» – аьлла.

† *9:3-5 Лака 10:4-11.*

†† *9:7, 8 Маттай 16:14; Марк 8:28; Лака 9:19.*

19 †Цара жоп делира: «Цхьаболчара Хьо нах хих
чекхбоху Яхьъя ву боху, вукхара Хьо Эли-ЯхIу-
пайхамар ву боху, кхозлагIчара ширачу
заманахьлера денвелла веана пайхамар ву боху».
20 ††«Ткъа аша хIун боху, Со мила ву боху аша?» –
аьлла, хаьттира Iийсас.
Кипас жоп делира: «Хьо *Дала леррина
Къобалвинарг* ву-кх», – аьлла.

### Iийсас Шен Iожаллех а, денваларх а лаьцна дуьйцу
(Маттай 16:20-28; Марк 8:30–9:1)

21 Iийсас и хIума нахе дIахаийтар чIогIа дихкира
царна. 22 Цо элира: «Адамийн КIантах иштта хила
дезар ду: Цуьнан дукха баланаш лан дезар,
баккхийчара а, динан коьртачу дайша а, Iеламчу
наха Иза тIе ца лаьцна хила а дезар ду, Иза вийна
хила а везар ву, амма кхозлагIчу дийнахь Дала Иза
веллачуьра денван а везар ву».
23 ‡ТIаккха Iийсас элира массаьрга а: «Соьца ван
луург, шен „со“ бохург дIа а теттина, хIора дийнахь
шен баланийн мохь ‡† тIе а лаьцна, Суна
тIаьхьахIотта веза. 24 ‡‡ХIунда аьлча шен са
кIелхьардаккха воьлларг синах вер ву, ткъа Сан
дуьхьа са дIаделлачо иза кIелхьардоккхур ду.
25 ХIун пайда бу стагана дерриг а дуьне цуьнан а
хилла, цо ша хIаллаквича я шена зен дича?
26 Нагахь санна Сох а, Сан дешнех а эхь хетахь,
Адамийн КIант дIавоьрзур ву цу стагах, Шен а, Шен
Ден а, Делан маликийн а Олаллин нуьрехь Ша
веача. 27 Аса баккъалла а боху шуьга: шуна
юкъарчу цхьаболчарна шаьш кхалхале *Делан
Олалла* гур ду».

### Iийса хийцавалар
(Маттай 17:1-8; Марк 9:2-8)

28 Цул тIаьхьа, ворхI-бархI де даьлча, Шеца Кипа
а, Яхьъя а, Якъуб а эцна, Iийса доIа дан лам тIе
хьалавелира. 29 ДоIа дечу хенахь Цуьнан юьхь
цIеххьана хийцаелира, духар чIогIа кIайделира,
тIехь бIаьрг ца сацалуш. 30 Олаллин нур лепаш ши
стаг дIахIоьттира Цунна юххе. И шиъ Муса-
пайхамар а, Эли-ЯхIу-пайхамар а вара. Iийсаца
къамел дира цу шиммо. Цара дуьйцура Iийсан,
Ярушалаймехь, адам паргIатдаккхархьама, дуьнен
чуьра дIакхалха дезарх лаьцна. 32 Кипа а, цуьнан
накъостий а чIогIа наб кхетта бара. Самабевлча,
царна гира Iийсан а, Цуьнца лаьттачу шина стеган
а Олаллин нуьран лепар. 33 И ши стаг дIаваха
воьлча, Кипас элира: «Устаз! Ма дика Iа вай
кхузахь! Кхо *кхалор* ей вай Хьуний, Мусаний, Эли-
ЯхIуний?» Цунна шена а ца хаьара ша хIун дуьйцу
оцу хенахь.
34 Кипа къамел дина а валале, марха тIе а еана,
уьш дIахьулбелира цуьнан IиндагIехь. Iийсан
накъостий кхерабелира, цу мархина юкъахь Iийса
а, Муса а, Эли-ЯхIу а нисвелча. 35 ‡‡†Мархи юкъара
аз хезира: «ХIара ву Ас хаьржина волу Сан КIант.
Цуьнга ладогIалаш!»
36 Аз дIатийча, царна Iийса ша лаьтташ гира.
Мурдаша шайна гинарг къайладаьхьира, цу хенахь
цхьаьнгге а ца дуьйцуш.

### Жино хьийзош волу кIант туовар
(Маттай 17:14-18; Марк 9:14-27)

37 ШолгIачу дийнахь, уьш лам тIера чубиссича,
Iийсана дуьхьал еара адамийн йоккха тоба.
38 Нахана юккъера цхьана стага чIогIа мохь
туьйхира: «Устаз! Доьху Хьоьга, хьажахьа сан
кIанте! Иза сан цхьаъ бен вац! 39 Кест-кеста цунна
чудолучу жино хьийзаво иза. КIант, мохь хьоьккхуш,
лаьттах веттало, багах чопаш оьхуш. Иштта цунна
ницкъ бой, иза лазавой бен дIа ца долу и жин. 40 Ас
Хьан мурдашка дехнера жин эккхаде аьлла, амма
цаьрга хIумма а дан ца делира».
41 Iийсас элира: «Галбевлла болу нах! Ва тешар
доцу тукхам! Мел хир ву техьа Со шуна юкъахь?
Мел лан деза техьа Сан шу? Схьавалаве хьайн
кIант!»
42 КIант, тIевогIучу хенахь, жино охьатуьйхира,
лазар а даийтина. Амма Iийсас жине арадала аьлла
омра а дина, кIант туо а вина, дега дIавелира.
43 Массо а Делан боккхачу ницкъах чIогIа
инзарваьлла вара. Нах Iийсас дечух дерригенах
цецбевлла лаьттара.

### Iийсас юха а шен вала везарх лаьцна дуьйцу
(Маттай 17:22, 23; Марк 9:30-32)

Оцу хенахь Цо Шен мурдашка элира: 44 «Дика
ладогIалаш, диц а ма делаш Ас шайга аьлларг:
Адамийн КIант нехан кара лур ву». 45 Амма мурдаш
ца кхийтира Цо аьллачух. Ткъа оцу дешнийн
маьIна Дала царах лачкъийна дара. Iийсага, и хIун
ду аьлла, хатта уьш ца баьхьира.

### Мурдех лакхарниг мила ву?
(Маттай 18:1-5; Марк 9:33-37)

46 ‡‡‡Мурдаша къовсам баьккхира, шайна юкъахь
лакхарниг мила ву аьлла. 47 Iийсас, церан дагара
хууш, жима бер схьа а эцна, Шена юхе дIа а
хIоттийна, 48 §элира: «Сан дуьхьа хIара бер
тIеэцначо Со а тIеоьцу. Ткъа Со тIеоьцучо Со
Ваийтинарг а тIеоьцу. Цундела шуна юкъахь уггар
кIезиг верг а уггар лакхарниг ву».

### Шуна дуьхьал воцург шуьгахьа ву
(Марк 9:38-40)

49 ТIаккха Яхьъяс элира Iийсага: «Устаз! Вайна
юкъара воццушехь а, Хьан цIарах жинаш арадоху

† *9:19 Маттай 14:1, 2; Марк 6:14, 15; Лака 9:7, 8.* †† *9:20 Яхьъя 6:68, 69.* ‡ *9:23 Маттай 10:38; Лака 14:27.* ‡† *Баланийн мохь *– грекийн маттахь, цхьабакъду, яздина ду: *жIаран бIогIам.** ‡‡ *9:24 Маттай 10:39; Лака 17:33; Яхьъя 12:25.*

‡‡† *9:28-35 2 Кипин 1:17, 18.* ‡‡‡ *9:46 Лака 22:24.* § *9:48 Маттай 10:40; Лака 10:16; Яхьъя 13:20.*

цхьа стаг гира тхуна. И вайх цхьаъ воцу дела, иза
сацо гIиртира тхо».
50 Iийсас жоп делира: «Сеца ма ве иза! ХIунда
аьлча шуна дуьхьал воцург шуьгахьа ву!»

### Iийса а, Шамран-махкара юрт а

51 Ша стигала хьалаоьцу волу хан тIекхача
йоьлча, Iийсас сацам бира Ярушалайме ваха. 52 Цо
Шен геланчаш хьалха бахийтира цхьана
шамранхойн юьрта, Шена оьшучунна кечам
байтархьама. 53 Амма оцу юьртарчу наха Iийса тIе
ца ийцира, хIунда аьлча гуш дара Иза Ярушалайме
воьдуш вуйла †. 54 ††И болх а гина, Цуьнан мурдаша
Якъуба а, Яхьъяс а элира: «Эла! Хьуна лаахь, оха
стигалара стелахаьштиг а тохийтина,
хIаллакбойтур бу и нах».
55 Амма Iийсас, юхавирзина, дихкира царна и дар.
56 ТIаккха Iийса а, Цуьнан мурдаш а кхечу юьрта
бахара.

### Iийсана тIаьхьахIотта ца лиънарш
(Маттай 8:19-22)

57 Уьш новкъахула богIучу хенахь, цхьана стага
элира Iийсага: «Со Хьуна тIаьхьа хIуттур ву, Хьо
миччахьа а водахь а».
58 «Цхьогалийн а, олхазарийн а чохь Iан баннаш
ду, ткъа Адамийн КIентан корта дIатовжо меттиг а
яц», – аьлла, жоп делира цунна Iийсас.
59 Кхечу стаге Цо элира: «Суна тIаьхьа схьавола!» –
аьлла.
Амма оцу стага дийхира: «Сан Эла! Пурба лохьа
суна, цкъа, цIа а вахана, сайн да дIаволла».
60 «Белларш беллачарна бита, ткъа ахь, Суна
тIаьхьахIотта лууш хьо велахь, ваха а гIой, Делан
Олалла кхайкхаде», – элира цуьнга Iийсас.
61 ‡Кхин цхьана стага элира Цуьнга: «Эла! Со
Хьоьца вогIур вара, пурба лохьа суна цкъа цIахь
болчаьрца Iодика ян», – аьлла.
62 Iийсас жоп делира цунна: «Нахаран тIам схьа а
лаьцна, юхахьоьжуш верг Делан Олаллина
пайденна вац», – аьлла.

### Iийсас кхузткъе шийтта мурд дIахьажаво

10 Цул тIаьхьа Iийсас Шен мурдашна юкъара
кхин а кхузткъе шийтта стаг хаьржира. Шел
хьалха шишша цхьаьна Ша ваха везачу
гIаланашка а, ярташка а дIахьовсийра Цо уьш.
2 ‡†Цо элира цаьрга: «Хьовсал, мел дукха адам
кийча ду *Делан Олалла* тIелаца. Уьш кхиъна доккха
ялта санна бу, амма и ялта чудерзо белхалой кIезиг
бу. Ялта долчу Дега деха иза чуэца кхин а белхалой
бахкийта алий. 3 ‡‡ДIадуьло! Берзалойн арданга
юкъа Iахарий санна, дIадохуьйту Ас шу. 4 Шайца я
бохча а, я тIоьрмаг а, я мачаш а схьа ма эца,
новкъахь маршалла хоттуш цхьаьнцца а совца а
ма совца. 5 Шаьш чоьхьадевллачу цIа чохь цкъа
хьалха ала: „Машар хуьлда хIокху хIусамехь!“
6 Нагахь санна цу чохь Iаш волу хIусамда машар
безаш стаг велахь, аш кховдийна машар цуьнгахь
буьсур бу, нагахь вацахь – шун машар шуна тIе
юхабоьрзур бу. 7 ‡‡†Оцу цIа чохь Iе, шайна
схьаделларг даа а дууш, мала а молуш, хIунда
аьлча къахьоьгуш долу шу хьакъ ду нахера ял
схьаэца. ХIусамаш ма хийца. 8 Шаьш гIала а дахана,
цигахь тIеэцахь, шайна елларг яа, 9 цомгуш нах
тобе, ткъа хаам бе цаьрга: „Делан Олалла юххе
кхаьчна шуна!“ 10 ‡‡‡Шаьш тIе ца эцначу гIалахь,
урамашкахула дуьйла а лой, ала: 11 §„Шун гIалахь
тхан мачаш тIе йиллина чан а шуна юха дIаегайо
оха. Амма хаалаш, кху гIалара бахархой: Делан
Олалла гергакхаьчна шуна!“ 12 §†Ас боху шуьга:
къематан дийнахь Седам-гIалара нахана атта хир
ду оцу гIалара нахана чул».

### Дохкойовлаза йисина гIаланаш
(Маттай 11:20-24)

13 §††«Декъаза ю хьо, Къераз-гIала! Декъаза ю хьо,
Бет-Саида-гIала! Нагахь санна Цора-гIалахь а,
ЦIадан-гIалахь а шу долчохь хилла тамашийна
хIуманаш хиллехьара, цигара адамаш, тоххарехь
дохко а девлла, шайн дохкодовлар гойтуш йолу
бедарш тIе а юьйхина, овкъарна тIе охьахевшина
хир дара. 14 Цундела Цорарчу а, ЦIаданарчу а
нахана къематан дийнахь шуна чул дуккха а атта
хир ду. 15 §‡Ткъа хьо, Къапарнам-гIала,
хьо язйина стигала хьалайоккхур ю моьтту хьуна?
Йоккхур яц, жоьжахатин цIерга кхуссур ю».
16 §‡†ТIаккха Шен мурдашка Iийсас элира: «Шуьга
ладугIуш волчо Соьга ладугIу, шу тIе ца оьцучо Со
тIе ца оьцу. Ткъа Со тIе ца оьцучо Со Ваийтинарг а
тIе ца оьцу».

### Кхузткъе шийтта мурд юхаверзар

17 Iийсас вахийтина кхузткъе шийтта мурд
юхавеара, самукъадаьлла, воккхавеш. «Эла, –
бохура цара, – жинаша а оха бохург до, Хьан
бакъонан цIарах оха омра дича».
18 Iийсас элира: «Иза бакъ ду, Суна хааделира
стигалара, гIорасиза а хилла, стелахаьштиг санна,
чудеана *иблис*. 19 §†Ас шуна ницкъ белла, кхерам
боцуш, шайтIанашна тIе, лаьхьанашна а, дIаьвше
гезгашна а санна, ког баккха, шайн мостагIчун
ницкъ хьаша. Шуна зене цхьа а хIума дац. 20 Амма
жинаш шаьш карадерзорах даккхий ма де, шайн
цIераш Дала стигалшкахь дIаязъярх даккхийде».

---

† *Ярушалайм-гIала жуьгтийн коьрта гIала яра, ткъа шамранхошна а, жуьгташна а вовшийн ца безара.** †† *9:54 Сулим 1:9-16.* ‡ *9:61 Сулим 19:20.* ‡† *10:2 Маттай 9:37, 38.* ‡‡ *10:3 Маттай 10:16.*

‡‡† *10:7 1 Коринтхошка 9:14; 1 Тимапига 5:18.* ‡‡‡ *10:10, 11 Векалийн 13:51.* § *10:4-11 Маттай 10:7-14; Марк 6:8-11; Лака 9:3-5.* §† *10:12 а: Доладалар 19:24-28; Маттай 11:24; б: Маттай 10:15.* §†† *10:13 ЕшаI-ЯхIу 23:1-18; Яхьазкхиал 26:1–28:26; Юал 3:4-8; Iамос 1:9, 10; Закри-ЯхIу 9:2-4.* §‡ *10:15 ЕшаI-ЯхIу 14:13-15.* §‡† *10:16 Маттай 10:40; Марк 9:37; Лака 9:48; Яхьъя 13:20.* §† *10:19 Забур 90:13.*

### Іийсан воккхавер
(Маттай 11:25-27; 13:16, 17)

21 Оццу хенахь Делан Сино хазахетарх кийра
буьзначу Іийсас элира: «Аса сий до Хьан, Сан Да,
стигаллий, Латтий карахь долу Веза Эла,
хьекъалчараххий, Іилма долчараххий и хІума
къайла а даьккхина, бер санна, догцІеначарна
Ахьа иза дІаделларна. ХІаъ, Сан Да, иза Хьан
лаамца хилла ду!
22 †Дерриг а Сан Дас схьаделла Суна. Цхьанна а ца
хаьа КІант мила ву, Дена бен, цхьанна а ца хаьа Да
мила ву, КІантана бен а, Да гайта КІанта хаьржинчу
нахана бен а».
23 Юха, мурдашка дІа а вирзина, цаьрга шайгга
элира Цо: «Дала декъалдина нах ду шу, хІунда
аьлча шайн бІаьргашца хІара дерриг а го шуна.
24 Ас боху шуьга: дуккха а пайхамарш а, паччахьаш
а лууш бара хІара шуна гинарг ган, амма иза царна
ца гина. Царна лиънера шуна хезаш дерг хаза,
амма царна иза ца хезна».

### Къинхетам болу шамранхо

25 ††Юха, хьалха а ваьлла, цхьана Іеламчу стага
Іийсага хаттар дира, Иза зерхьама. «Устаз, –
хаьттира цо, – ас хІун дан деза, Дела волчохь хедар
доцу дахар сан хилийтархьама?»
26 «Товрат тІехь хІун ду яздина? – дуьхьал
хаьттира Іийсас а. – Хьо муха кхета цунах?»
27 ‡Вукхо жоп делира: «„Хьайн Веза Дела доггах,
доллучу синца, дерриг а хьекъалца веза“, „Хьайн
уллораниг хьо санна веза“».
28 ‡†«Нийса жоп делира ахь, – элира цуьнга Іийсас,
– иштта дан а де ахь, тІаккха хьо Дела волчохь
вехар ву».
29 Амма Іеламчу стага, бехказавалархьама,
хаьттира: «Ткъа мила ву суна уллораниг?»
30 Цунна жоп луш Іийсас дийцира: «Цхьа стаг
хилла Ярушалаймера Ерихоне охьавогІуш.
Новкъахь цунна тІе талорхой летта. Некъахочунна
тІера хІуманаш схьа а яьхна, цунна вала воллалц
етта а йиттина, и охьатесначохь а витина,
дІабахана уьш. 31 ТІаьхьо цу новкъа схьавогІуш
хилла цхьа *динан да*. Новкъахь Іуьллу и стаг а гина,
некъан дехьа агІор а ваьлла, тІехваьлла дІавахана
иза. 32 Изза дина цхьана левихочо ‡‡, цу стагана тІе
а вахана, цуьнга дІа а хьаьжна, юьстах а ваьлла,
дІавахана иза. 33 ‡‡†Юха лазийнарг Іуьллучу метте
кхаьчна араваьлла лелаш волу шамранхо. И стаг а
гина, оцу пекъарх къахетта цунна. 34 Цо, тІе а
вахана, даьттанца а, чагІарца а цуьнан чевнаш
йила а йилина, дІайихкина. Юха лазийнарг, шен
вира тІе а хаийна, некъахоша садоІучу цІийне а
валийна, цуьнан цигахь терго еш, иза Іалаш а вина
цо. 35 ШолгІачу дийнахь, ша дІавоьдуш, хьешан
цІийнан хІусамдена ши *динари* ахча а делла, цо
аьлла: „ХІоккхуьнга хьажалахь, со юхавогІуш, ас
хьан хилла харж меттахІоттор ю хьуна“.
36 Мила вара оцу кхааннах талархоша лазийначу
стагана уллораниг, хьуна моттарехь?»
37 Іеламчу стага жоп делира: «Цунах къинхетам
бинарг вара-кх».
Іийсас тІаккха элира цуьнга: «Вало, иштта де ахь
а».

### Марта а, Марем а йолчохь хьошалгІахь

38 ‡‡‡Шайн новкъахула богІуш, цхьана юьрта
кхечира Іийса а, Цуьнан мурдаш а. Цигахь Марта
цІе йолчу зудчо шен хІусамехь тІеийцира уьш.
39 Оцу зудчун Марем цІе йолуш йиша яра. Марем,
Элан когашка а хиина, Цуьнан къамеле ладугІуш
Іара. 40 Ткъа Марта, дуккха а яа хІума кечъян
гІерташ, хьаьддий, еддий лелаш яра. ТІееана,
Іийсага элира цо: «Эла! И сан йиша, хІара болх
берриг а суна тІе а тесна, Іаш хилар нийса доцийла
ца го Хьуна? Суна гІо де алахьа цуьнга», – аьлла.
41 «Маржа яІ, Марта, – элира Іийсас, – хьо дуккха а
хІуманашна гІайгІа бан гІерташ ю, 42 ткъа
оьшушдерг цхьаъ бен дац. Марема диканиг
хаьржина, иза цуьнгара цхьаммо а дІадоккхур
дац».

### ДоІа дан Іамор
(Маттай 6:9-13; 7:7-11)

11 Цкъа Іийса Ша кхаьчначу цхьана меттехь
доІа деш вара. Иза доІа дина ваьлча, мурдех
цхьаммо дийхира: «Эла! Тхуна а Іамадехьа доІа
дан, Яхьъяс шен мурдашна ма-Іамадарра».
2 Іийсас элира цаьрга: «Шаьш доІа дечу хенахь
иштта ала:
„Дада!
Хьан цІе сийлахь хуьлда!
Хьан Олалла тІекхочийла!
3 ХІора дийнахь даъал напха лохьа тхуна.
4 Тхан къиношна гечдехьа,
тхайна декхарийлахь болчарна оха ма-гечдарра.
Хьарам лаамна кІел ма дахийтахьара Ахьа тхо“».
5 Юха Іийсас элира цаьрга: «Масала, шун
цхьаннан доттагІа ву. Буьйсанан юккъехь и волчу а
дахана, аш цуьнга боху: „ДоттагІа! Бухалург кхо
хьокхам лохьа суна, 6 со волчу доттагІа кхаьчна,
сан цунна яла хІумма а яц“. 7 ТІаккха шун доттагІчо
ала мега: „Со Іадда вита, сан неІ дІакъевлина ю, со
а, бераш а дІадийшина ду. Сан, хьала а гІаьттина,
хьуна хьокхам бала йиш яц“. 8 Ас боху шуьга,
нагахь шун доттагІалла лерина цо шуна хьокхам ца
лахь, аш, юха ца довлуш, кхин а, кхин а иза бехча,
цо, хьала а гІаьттина, шуна иза лур бу. 9 Цундела Ас

† 10:22 а: Яхьъя 3:35; б: Яхьъя 10:15. †† 10:25-28 Маттай 22:35-40; Марк 12:28-34. ‡ 10:27 а: Карлабаькккхинарг 6:5; б: Іамалъяр 19:18. ‡† 10:28 Іамалъяр 18:5. ‡‡ Левихой – *– уьш Исраилан халкъан цхьа тайпа ду. Царна бен пурба ца делла Делан цІа долчохь динан гІуллакхаш дан.* ‡‡† 10:33, 34 2 Шерашкахь 28:15.

‡‡‡ 10:38, 39 Яхьъя 11:1.

боху шуьга: „Деле деха – Цо дехнарг лур ду шуна.
Дела лаха – Иза карор ву шуна, неI тоха, иза
дIайоьллур ю шуна, 10 хIунда аьлча хIора
доьхучунна жоп ло Дала, лохуш волчунна
карадойту, неI тухучунна – схьайоьллуьйту.
11 Муьлхачу дас лур бу шен кIантана лаьхьа, цо
чIара боьхуш хилча? 12 Муьлхачу дас лур ю шен
кIантана дIаьвше гезг, цо хIоа доьхуш хилча?
13 Шаьш мел къиза делахь а, шайн берашна
оьшург аша луш хилча, стигалахь волчу шайн Дас
муххале а доьхучунна Шен Деза Са лур дуйла
хоуьйла шуна“».

### Iийса а, БаIал-Зебула а
(Маттай 12:22-30; Марк 3:20-27)

14 Цкъа Iийсас стеган мотт сацош долу жин
эккхийра. Жин арадаьлча, стаг къамел дан
хIоьттира. Юххехь лаьттарш чIогIа цецбевллера.
15 †Цхьаболчара бохура: «Жинийн эла волчу БаIал-
Зебулин олаллица жинаш лохку Цо адамашна
чуьра».
16 ††Ткъа вукхара Iийса зерхьама дехар дира,
стигалара цхьа тамашийна билгало гайта шайна
аьлла. 17 Амма церан ойланаш хуучу Iийсас элира:
«Муьлхха а екъаелла йолу пачхьалкх хIаллакьхила
хьаьхна ю. Ткъа юкъахь барт боцу доьзал бухур бу.
18 Нагахь *иблис* шена гонах болчаьрца бертахь
дацахь, муха лаьттар ду цуьнан олалла? Ас и шуьга
боху, БаIал-Зебулан ницкъаца Ас жинаш дIадоху
бохуш, аш кхайкхадо дела. 19 Нагахь Ас, аша ма-
баххара, жинаш БаIал-Зебулин гIоьнца дIалохкуш
хилча, шун наха хьенан ницкъаца лохку уьш? Уьш
шун кхелахой хир бу! 20 Ас Делан ницкъаца лохку
жинаш, ткъа иза *Делан Олалла* шуна схьакхаьчна
хиларан билгало ю.
21 Нагахь шен цIа лардеш волу стаг онда а,
герзаца а велахь, цуьнан бахамна кхераме хIумма
а дац. 22 Амма нагахь, цул онданиг тIе а летта, и
эшавахь, хIусамден бIобулуш хилла долу герз схьа
а даьккхина, бахам дIахьур бу.
23 ‡Соьца воцург Суна дуьхьал ву. Соьца нах
схьагулбеш воцург уьш дIасабекъаболуьйтуш ву».

### Харцжин юхадар
(Маттай 12:43-45)

24 «Харцжин стагах дIакъаьстича, иза хи доцучу
яьссачу аренгахула долалой лелаш хуьлу, тIетовжа
меттиг а ца карош. ТIаккха цо олу: „Со арадаьллачу
цIа чу юхадоьрзур ду со“. 25 Амма и стаг волчу
юхадеъча, ша Iийна меттиг нуй хьаькхна а,
цIанйина а карайо цунна. 26 ТIаккха доьдий, цо
шеца ворхI харцжин даладо, шел дуккха а вон долу.
Уьш, цу стагана чохь шайн хIусам а юьллий, даха
ховшу. Эххар а оцу стеган хьал юьххьенца
хиллачул а вон хуьлу».

### Бакъдолу ирс

27 Iийса къамел деш а волуш, нахана юкъара
цхьана зудчо мохь туьйхира: «Декъала ю Хьо
кийрахь лелийна а, Хьуна накха белла а йолу зуда!»
28 Амма Iийсас элира: «Кхин а декъала бу, Делан
даше ла а дугIуш, иза кхочушдеш берш».

### Тамашийна хIума гайтар тIедиллар
(Маттай 12:38-42)

29 ‡†Дукха адам дара Iийсана гонах гулделла,
тIетеIаш. Иза дийца волавелира: «Телхина ю
хIинцалера тIаьхье. Цо доьху тамашийна билгало
гайта бохуш, амма царна цхьа а билгало гур яц,
Юнус-пайхамарехула гайтинарг йоцург. 30 ‡‡Нунав-
гIалара бахархошна Юнус-пайхамар санна,
хIинцалерчу тIаьхьенна *Адамийн КIант* а билгало
хилла дIахIуттур ву.
31 ‡‡†Къилбехьарчу зуда-паччахьо, хIокху
тIаьхьенца ден а елла, Дала кхел ечу дийнахь и нах
бехке бийр бу, хIунда аьлча иза цхьана дуьненан
маьIIера йогIура Сулим-паччахьан хьекъале
къамеле ладогIа. Ткъа кхузахь Верг Сулим-
паччахьал веза ву. 32 ‡‡‡Къематан дийнахь Нунав-
гIалара бахархоша, беллачуьра ден а белла, уьш
бехке бийр бу, хIунда аьлча уьш Юнуса бина хаам
бахьана долуш дохкобевлла, ткъа шуна хьалха
Верг Юнусал лакхара ву».

### ДегIана – серло
(Маттай 5:15; 6:22, 23)

33 §«Цхьаммо а ца хIоттабо латийна стогар иза ца
гунболчу метте я кхаби кIел. Мелхо а хIора
чувогIучунна серло гун йолччу лакха хIоттабо.
34 Хьан бIаьргаш – хьан дегIан серло ю. Нагахь хьан
бIаьргашна са дика гахь, хьан дегI серлонах дуьзна
хир ду. Ткъа нагахь хьан бIаьргаш дика бацахь, дегI
а боданах дуьзна хир ду. 35 Хьайн дегIера серлонах
бода ца хилийта хьажалахь. 36 Нагахь хьан дегI
серлонах дуьзна делахь, цуьнан цхьа а меже
боданехь яцахь, иза дерриг а, латийна стогар
санна, серло луш хир ду».

### Iийсас парушхошна а, Iеламчу нахана а дуьхьал къамел до
(Маттай 23:1-36; Марк 12:38-40)

37 Iийса, къамел дина ваьлча, цхьана парушхочо
ша волчу хIума яа чукхайкхира. ЦIа чу а ваьлла,
хIума юучу меттехь агIорвелира Iийса. 38 Парушхо
цецвелира, Цо хIума яале куьйгаш ца дилча.
39 Амма Эло цуьнга элира: «Аша, парушхоша,
тIехулара кад-Iайг дикка цIандахь а, бухалара
бIаьрмециг а, къиза а ду шу. 40 Сонтанаш!
ТIехуларниг Кхоьллинчо ца кхоьллина бухаларниг

† 11:15 Маттай 9:34; 10:25. †† 11:16 Маттай 12:38; 16:1; Марк 8:11. ‡ 11:23 Марк 9:40.

‡† 11:29 Маттай 16:4; Марк 8:12. ‡‡ 11:30 Юнус 3:4. ‡‡† 11:31 Сулим 10:1-10; 2 Шерашкахь 9:1-12. ‡‡‡ 11:32 Юнус 3:5. § 11:33 Маттай 5:15; Марк 4:21; Лака 8:16.

а? 41 Шайн долахь дерг къечаьрца декъа, тIаккха
дерриг а нийса хир ду шун.
42 †Къа ду шун, *парушхой*! Аша шайн долахь
долчух уьтталгIа дакъа, ур-атталла кертара хас-
стоьмех а, сагIина дIалуш ду, ткъа нийсо а, Деле
болу безам а бицбелла шуна. Ткъа аш иза а, важа а
– ший а дан деза.
43 Къа ду шун, парушхой! *Гуламан цIа* чохь
баьрччехь Iан лаьа шуна, базаран майданашкахь
массара а шайга маршалла хатта лаьа шуна.
44 Баьрзнаш шарделлачу кешнех тера ду шу. Царна
тIехула нах лела, уьш мел телхина ду а ца хууш».
45 Цхьана Iеламчу стага элира: «Устаз! Оцу
дешнашца тхуна а халахетар ма до Ахь!» – аьлла.
46 Iийсас жоп делира: «Шун а ду къа, Iелам нах!
ХIунда аьлча дIа ца бахьлун мохь нахана тIе буьллу
аш, ткъа шаьш пIелга тIе пIелг а ца туху
гIодархьама. 47 Къа ду шун, хIунда аьлча шайн
дайша байинчу пайхамаршна зиярташ деш ду шу.
48 И болх барца аш тоьшалла до, шайн дайша
динарг шаьш къобалдеш хилар: цара пайхамарш
бойура, ткъа аш зиярташ хIиттадо. 49 Цундела
Шегахь бен доцучу хьекъалца Дала аьлла: „Ас уьш
болчу пайхамарш а, векалш а бохуьйтур бу, амма
цара цхьаберш бойур бу, вуьш балехь бахкор бу“.
50 ХIокху тIаьхьене дуьне кхоьллинчхьана Iанийна
долу массо а пайхамаран цIий хоттур ду:
51 ††Хьабулна тIера Делан цIенний, сагIа доккхучу
кхерчаний юккъехь вийначу Закри-ЯхIуний тIе
кхаччалц. Билггала боху шуьга, аш жоп лур ду
дериггенах а.
52 Къа ду шун, Iелам нах! Делан Йозанах хааршr
чохь долчу цIийнан догIа нахера схьадаькккхина
аш. Амма я шаьш а ца дахана шу оцу цIа чу, я нах а
ца бахийтина аш».
53 Iийса цигара дIавахча, Iелам нах а, парушхой а,
оьгIаз а бахана, тайп-тайпана хаттарш луш
тIаьхьабевлира Цунна, 54 муьлххачу даша тIехь
лаьцна а, Иза лаца гIерташ.

### Шалхаллех ларлолаш
(Маттай 10:26, 27)

12 ‡Цу хенахь эзарнаш адамаш гулделира,
вовшашна тIеттIатеIара уьш. Iийса цкъа
хьалха шен мурдашка къамел дан волавелира:
«Парушхойн муьстачу бедах – шалхаллех
ларлолаш. 2 ‡†Мел къайлаха дерг а гучудер ду, мел
хьулдинарг а хоуьйтуш хир ду. 3 Аша боданашкахь
аьлларг серлонгахь хезар ду. Аша цIа чохь
цхьаьнга лере аьлларг тхевнаш тIера кхайкхор ду».

### Хьанах кхера веза
(Маттай 10:28-31)

4 «Ас боху шуьга, Сан доттагIий, стаг вен ницкъ
болчух ма кхера, дегI хIаллакдарал сов цуьнга кхин
хIумма а далур дац. 5 Ас эр ду шуьга хьанах кхера
веза: шу кхера деза стеган са схьа а эцна, иза
жоьжахатин цIерга кхосса ницкъ Болчух. Билггала
боху шуьга, Цунах кхера!
6 Пхеа хьозанах ши шай бен доккхур дуй те? Амма
Далла царах цхьа а диц ца делла. 7 Ткъа шун
коьртара массо чо а багарбина бу шуна! Цундела
ма кхералаш: дукkха а хьозанел деза ду шу!»

### Адамийн КIант нахана хьалха къобалвар
(Маттай 10:32, 33; 12:32; 10:19, 20)

8 Кхин дIа а Iийсас бохура: «Ас боху шуьга: Со
нахана хьалха къобалвеш верг *Адамийн КIанта*
Делан маликашна хьалха къобалвийр ву, 9 амма Со
нахана хьалха дIатеснарг Аса а дIатосур ву Делан
маликашна хьалха.
10 ‡‡Адамийн КIантана дуьхьал дош а аьлла,
дохковаьллачунна гечдийр ду, амма Делан Са
сийсаздинчунна гечдийр дац.
11 ‡‡†Шаьш *гуламан цIа* чу, я хьаькамашна, я
Iедална тIе далийча, са ма гатде шаьш ала дезачух
а, жоп муха дала дезарх а, 12 Делан Сино оцу хенахь
ала дезарг Iамор ду шуна».

### Сонтачу хьалдолчу стагах хьекъале хIума

13 Нахана юкъара цхьана стага элира Iийсага:
«Устаз! Сан веше тхан дех диснарг соьца декъа
алахьа!» – аьлла.
14 «ЛадогIахьа, Со хьан хIоттийна шун кхелахо,
бахам бекъа бакъо а елла?» – хьаьттира цуьнга
Iийсас. 15 Цул тIаьхьа Цо элира массаьрга а:
«Варелаш! БIаьрмециг ма хилалаш. Стеган дахар
цуьнан хьолах лаьтташ дац шуна, иза мел дукха
делахь а».
16 ТIаккха Цо цхьа хьекъале хIума дийцира царна:
«Цхьана хьал долчу стеган шортта ялта кхиъна
хилла. 17 „Ас хIун дан деза? – ойла йина цо. – Сан
хIара ялта чудилла меттиг ма яц“. 18 Юха цо аьлла:
„Ас дера деза, сайн шира ялта чудуьллу сайранаш
дIа а даьхна, даккхий керланаш дан. Царна чу
дерриг ялта а, кхийолу хIума а хоьур ю. 19 ТIаккха
айса-сайга ала мегар ду: хьан хьал дукkха а
шерашна тоьар долуш ду, са а даIа, даа а даа, мала
а мала, самукъа а даккха“. 20 Амма Дала элира
цуьнга: „Сонта стаг! Тховса буса хьан дахар хедар
ду. Хьанна дуьсур ду ахь хьайна кечдинарг?“ –
аьлла.
21 Дела волчохь хазна а ца гулъеш, шена хьал
вовшахтухучунна хIоранна а изза хир ду».

### Делах тешар
(Маттай 6:25-34)

22 ТIаккха Iийсас элира Шен мурдашка: «Цундела
боху Ас шуьга, шайн дахаран дуьхьа юучунна са ма
гатде, шайн дегIан дуьхьа духарна са ма гатде.

† 11:42 *Iамалъяр 27:30.* †† *11:51 а: Доладалар 4:8; б: 2 Шерашкахь 24:20, 21.* ‡ *12:1 Маттай 16:6; Марк 8:15.* ‡† *12:2 Марк 4:22; Лака 8:17.*

‡‡ *12:10 Маттай 12:32; Марк 3:29.* ‡‡† *12:11, 12 Маттай 10:19, 20; Марк 13:11; Лака 21:14, 15.*

23 ХIунда аьлча юучул деза дахар ду, духарал деза
дегI ду. 24 ДIахьовсал къийгашка: я дуьйш яц, я
хьоккхуш яц, церан сайранаш а, я ялта чудерзо
меттиг а яц, амма Дала кхобу уьш. Ткъа шу оцу
олхазарел мел мехала ду! 25 Сагатдарца шайн дахар
цхьана сахьтана хьаьнга дахдалийталур дара
шуьга? 26 Оццул кIезигниг а далуш ца хилча,
кхечунна стенна сагатдо аш? 27 †Ойла ел, муха
кхуьуш ду петIамат-зезагаш: уьш къахьоьгуш дац я
бедарш тега кIадеш еш дац, амма Ас боху шуьга,
ур-атталла шен хьолан возаллехь Сулим-паччахь а
ца кечлора цу зезагех муьлхха а санна. 28 Нагахь
тахана тIедолу, ткъа кхана пешахь догу долу арара
зезагаш а Дала иштта хаза кечдеш хилча, шаьш
мел хаза кечдийр ду аьлла хета шуна, Делах кIезиг
тешаш дерш?!
29 Цундела ма леха яа а, мала а шайна хIун хир ю
– цунна са ма гатде. 30 Цу дерригенна а сагатдо оцу
дуьненан кхечу къаьмнех болчу наха. Ткъа шун
шайн Да ву, шуна мел оьшург хаа а хууш. 31 Уггар
хьалха *Делан Олалла* лаха, важа дерриг а Дала
шуна лур ду».

## Стигалахь шун хир долу хьал

(Маттай 6:19-21)

32 «Ма кхера, шу кIезиг а, гIийла а делахь а, шуна
тIехь Iу ву. Шун Ден, хазахетарца, шуна Олалла
дала сацам хилла. 33 Шайн бахамаш дIа а бухкуш,
мискачарна сагIа ло. Лелийча тишлур доцу
бохчанаш кечде шайна, лахлур йоцу хазна гулъе
стигалахь: цигахь цунна тIе къу а кхочур вац,
нецано иза юур а яц. 34 Шун хазна йолччохь, шун
дог а хир ду».

## Сема ялхой

35 ††«Юкъ а ехкий, гуттар а гIуллакх дан кийча
хила, шайн стогарш а латийна хилийта, 36 ‡зуда
ялийначу сакъера ваханчуьра шайн хIусамда цIа
варе хьоьжучу ялхойн санна. ХIусамдас, цIа а
веана, неI тоьхча, цунна иза оцу сохьта дIаелла
кийчча хир бу уьш. 37 Декъала бу, хIусамда цIа
кхаьчча, сема болу ялхой. Билггала боху шуьга, цо
ша а, ялхойн духар а дуьйхина, уьш шуьнна гонах а
ховшийна, оьшург тIе а дахьаш, царна гIуллакх
дийр ду. 38 Декъала бу, шена гIуллакх дан кийча а
болуш, хIусамдена карийна ялхой, буьйса юкъал
тIехъяьлча иза цIа веача а. 39 ‡†Амма хаалаш,
нагахь санна хIусамдена къу маца вогIур ву хууш
хиллехь, цо шен цIа чохь къола дойтур дацара.
40 Шу а хила деза кийча, хIунда аьлча Адамийн
КIант шу Цуьнга ца хьоьжучу хенахь вогIур ву».

## Тешаме а, тешам боцу а ялхо

(Маттай 24:45-51)

41 ТIаккха Кипас хаьттира: «Эла! Иза тхуна я
массарна а дуьйцу Ахь?» – аьлла.
42 Везачу Эло жоп делира: «Ас дуьйцур ду шуна
тешаме а, хьекъале а урхалхо мила ву цIа чохь:
иза, хIусамдас вукху ялхошна тIехь куьйгалла дан а
хIоттийна, царна шен хеннахь юург луш верг ву.
43 Декъала ву иза, шена тIедиллина гIуллакх деш а
волуш, цуьнан хIусамда цIа кхаьчча. 44 Бакъдерг
боху шуьга: хIусамдас иза берриг шен бахамна
тIехь куьйгалхо хIоттор ву. 45 Амма, масала, и ялхо:
„Сан хIусамда кеста цIа вогIий ца хаьа“, – аьлла,
ойла а йина, кхечу ялхошна етта а йиттина, дууш,
ваххалц молуш Iийр ву. 46 Цунна дагахь а доцучу,
иза цIа варе ца хьоьжучу хенахь, хIусамда цIа
кхочур ву. ХIусамдас иштта ялхо, тур тоьхна, шина
декъе воькъур ву, Делах ца тешачу нехан дакъа
цунна кхочуьйтур ду.
47 Шен хIусамден лаам а хууш, цо бохург дан а ца
динчу, дан а ца гIиртинчу ялхочунна чIогIа еттар ю,
48 ткъа ларамаза гIалат даьллачунна кIезиг таIзар
дийр ду. Дуккха а кхаьчначуьнгара дуккха а хоттур
ду, дуккха а хIума шех тешна дитинчунна тIехь
доккха декхар ду».

## Iийса а, декъадалар а

(Маттай 10:34-36)

49 КхидIа а Iийсас бохура: «Со дуьнен чу цIе таса
веана, хIинцале и цIе марсаяьлла йогуш хила
лаьара Суна! 50 ‡‡Амма баланийн хIордах чекхвала
везаш ву Со, иза хиллалц синтем бац Суна! 51 Шуна
моьтту хир ду, Со дуьнен чу машар бахьаш веана?
„ХIан-хIа! – боху Ас шуьга, – Декъадалар дахьаш
веана!“ 52 ХIинца дуьйна иштта хир ду: пхеа стагах
лаьтта доьзал бекъалур бу, кхоъ шинна дуьхьал,
шиъ кхаанна дуьхьал хир ву. 53 ‡‡†Да – кIантана
дуьхьал, кIант дена дуьхьал, нана йоIана дуьхьал,
йоI – нанна, марнана несана дуьхьал, нус
марнанна дуьхьал хир ю».

## Заманан билгалонаш къастор

(Маттай 16:2, 3)

54 Юха Iийсас бохура нахе: «Малхбалехь марха
гича, догIа догIур дуй хаьа шуна, иза иштта хила а
хуьлу. 55 Ткъа къилбехьара мох хьаькхча, йовхо хир
ю олу аш, иза а нийса хуьлу. 56 Шалхончаш!
Стигалан а, лаьттан а билгалонаш хаьа шуна, ткъа
таханлерчу заманан билгалонаш къасто хIунда ца
хаьа шуна?»

## Довхочуьнца кхел ян вахар

(Маттай 5:25, 26)

57 «Шайна гIолехь долчун ойла хIунда ца йо аш?
58 Шаьш довхочуьнца кхел ян доьлхуш, новкъахь

† *12:27 Сулим 10:4-7; 2 Шерашкахь 9:3-6.* †† *12:35 Маттай 25:1-13.* ‡ *12:36 Марк 13:34-36.* ‡† *12:39, 40 Маттай 24:43, 44.* ‡‡ *12:50 Марк 10:38.* ‡‡† *12:53 Мика-ЯхIу 7:6.*

цуьнца берта даха хьовса, хӀунда аьлча цо шу
кхелахочунна тӀе далор ду, кхелахочо гӀароле
дӀалур ду, юха шу набахте кхуьссур ду. 59 Билггала
боху хьоьга: цигара хьо аравер вац, тӀаьххьарчу
шайнна тӀекхаччалц, дерриг а хьайн декхар
дӀаделла а бен».

### Дохко а довлий, Далла тӀе дерза, шайна хӀаллакьхила ца лаахь

13 Оцу хенахь цхьана наха, тӀе а баьхкина,
Ӏийсана дийцира Делан цӀийнан кертахь
байинчу галилайхойх лаьцна. Пулата и омра далар
бахьана долуш, оцу нехан цӀий цара сагӀа доккхуш
яйинчу бежанийн цӀийца эделлера. 2 Ӏийсас элира
баьхкинчаьрга: «Иштта байина болу и нах вукху
галилайхойл къинош сов долуш бара-м ца моьтту
шуна? 3 ХӀан-хӀа, – боху Ас шуьга, – амма нагахь
санна шу, дохко а девлла, Далла тӀе ца дерзахь, уьш
санна, шу а хӀаллакьхир ду. 4 Шуна моьтту хир ду,
Шилонан бӀов тӀе а йоьжна, велла волу берхӀитта
стаг Ярушалаймехь болчу вукху нахал бехке вара?
5 ХӀан-хӀа, – боху Ас шуьга, – амма шу, дохко а
девлла, Далла тӀе ца дерзахь, уьш санна
хӀаллакьхир ду».

### Стом ца лато дитт

6 Ӏийсас цхьа хьекъале хӀума дийцира царна:
«Цхьана стеган кемсийн бешахь дӀадийна инжиран
дитт хилла. Цкъа, ван а веана, оцу дитта тӀехь
стоьмаш бу бац хьаьжча, уьш ца карийна цунна.
7 ТӀаккха кемсаш лелош волчу шен белхалочуьнга
аьлла цо: „КхозлагӀа шо ду со кху дитте хьоьжу,
амма стоьмаш ца латийна кху тӀе. Охьа а тохий,
дӀадаккха хӀара, кхуьнга эрна меттиг дӀа а ца
лоцуьйтуш“, – аьлла. 8 Амма белхалочо жоп делла
цуьнга: „ХӀусамда! Кхин цхьана шарахь а дитахьа
хӀара. Ас, го а аьхкина, кхелли а йиллина, болх
бийр бара. 9 ХӀун хаьа, юха шарахь стоьмаш лато а
ма мега кху тӀе? Ткъа ца латадахь, и дитт
дӀадоккхуьйтур ду ахь“, – аьлла».

### Шоьтан дийнахь зуда тояр

10 Цхьана *гуламан цӀа* чохь шоьтан дийнахь
хьехам беш вара Ӏийса. 11 Букара хьаьвзина, букъ
хьала ца нислуш, цхьа зуда яра цу чохь, берхӀитта
шарахь шеца жинийн цамгар йолуш. 12 И ган а
гина, тӀекхайкхина, Ӏийсас элира цуьнга: «Йиша!
Хьо хьайн цамгарх паргӀатъяьлла», – аьлла. 13 Цо
куьйгаш лецира зудчунна тӀехула. Важа оцу сохьта
хьаланисъелира, тӀаккха Далла хастамаш бан
хӀоьттира.
14 †И дерриг гина, гуламан цӀийнан хьаькамо,
Далла леринчу шоьтан дийнахь Ӏийсас дарба дарна
реза воцуш, чубаьхкинчу нахе элира: «Ялх де ду
болх бан дезаш. Оцу деношкахь дуьйла шайна
дарба дайта, Далла леринчу шоьтан дийнахь а ца
догӀуш», – аьлла.
15 Везачу Эло, жоп луш, элира цуьнга:
«Шалхончаш! Шайн сту я вир, хьаьвдех схьа а
достий, Далла леринчу шоьтан дийнахь хи мала ца
дуьгу аш? 16 БерхӀитта шарахь иблисо йихкина
латтийна ИбрахӀиман тӀаьхьенах йолу хӀара зуда
Далла леринчу дийнахь шен буржалех паргӀатъяла
мегаш яц?» – аьлла. 17 Цо и аьлча, Цунна
дуьхьалболчу нахана эхь хийтира. Ткъа чохь берш
самукъадаьлла, хазахеташ бара Ӏийсас и
тамашийна гӀуллакхаш дарх.

### ХӀух а, морзанах а лаьцна хьекъале дустарш

(Маттай 13:31, 32; Марк 4:30-32)

18 Цул тӀаьхьа Ӏийсас хаьттира: «Стенца дуста
мегар ду *Делан Олалла*? Муха ду иза? 19 Иза стага
шен бешахь дӀадийначу уггар жимачу хӀуьнах тера
ду. Цу хӀуьнах, хьала а даьлла, дитт хилла.
Стигаларчу олхазарша баннаш дина цуьнан
гаьннаш тӀехь».
20 Кхин цкъа а хаьттира Ӏийсас: «Кхин стенца дуста
мегар ду Делан Олалла? 21 Иза морзанах тера ду.
Зудчо, бод хьаккхош, кхаа сахь чохь схьаэцначу
демах тоьхна иза. Морза, массанхьа а кхочуш,
демах дӀаийна».

### Готта неӀ

(Маттай 7:13, 14, 21-23)

22 ГӀаланашкахула, ярташкахула чекхвуьйлуш,
Ярушалайме воьдуш вара Ӏийса. Шен новкъахь
нахана хьехам бора Цо. 23 Цкъа цхьаммо хаьттира
Цуьнга: «Эла! Иштта кӀезиг бу теша
кӀелхьарбовлуш берш?»
Ӏийсас элира гулбеллачаьрга: 24 «Готтачу
неӀарехула чекхдовла хьовса, хӀунда аьлча, Ас боху
шуьга чубаха гӀиртинчех, дукххаберш
чекхбовлалур бац. 25 ХӀусамдас неӀ дӀакъевлича, шу
арахь дуьсур ду. И неӀ етташ, дехар дийр ду аш:
„Эла! ДӀаеллахьа тхуна“, – бохуш. Амма Цо эр ду
шуьга: „Суна шу а ца девза, шу мичара даьхкина а
ца хаьа“. 26 ТӀаккха аш эр ду: „Оха Хьоьца яа а
йиинера, мала а меллера, Ахь тхан урамашкахь
хьехамаш а бинера тхуна“, – аьлла. 27 ††Амма Цо эр
ду: „Ас боху шуьга, Суна шу а ца девза, шу мичара
даьхкина а ца хаьа. Шу массо а харцончаш ду,
дӀадовла Суна юххера!“ 28 ‡ ‡†Цигахь белхар а,
цергаш хьекхор а хир ду. Шуна гур бу Делан
Олалла тӀе а лаьцна, Далла уллохь болчарна
юкъахь ИбрахӀим а, Исхьакх а, Якъуб а, берриш
пайхамарш а, ткъа шу цигара лохкур ду.
29 Малхбалехьара, малхбузехьара,
къилбаседехьара, къилбехьара баьхкинчу наха
хиндолчу тойнехь, Делан Олаллехь, шайн
меттигаш дӀалоцур ю. 30 ‡‡Амма кхузахь цхьаболу

† 13:14 *Арадаккхар 20:9, 10; Карлабаьккхинарг 5:13, 14.*

†† *13:27 Забур 6:9.* ‡ *13:28 Маттай 22:13; 25:30.* ‡† *13:28, 29 Маттай 8:11, 12.* ‡‡ *13:30 Маттай 19:30; 20:16; Марк 10:31.*

тӀаьххьара хилларш цигахь хьалхара хир бу,
цхьаболу хьалхара хилларш тӀаьххьара хир бу».

### Ярушалайм бахьана долуш гӀайгӀане хилар
(Маттай 23:37-39)

31 Оцу хенахь Ӏийсана тӀевеанчу масех парушхочо
элира: «Кхузара дӀаваьлла, кхечу метте ваха веза
Хьо – ХӀарод ву Хьо вен гӀерташ», – аьлла.
32 Ӏийсас жоп делира: «Даха а гӀой, цхьогало
санна, зулам деш волчуьнга дӀаала: „Ас жинаш дӀа
а лохкур ду, нахана дарбанаш а дийр ду тахана а,
кхана а, ткъа кхозлагӀчу дийнахь Сайн болх
чекхбоккхур бу“. 33 Делахь а, хӀуъа хилахь а, Сан
тахана а, кхана а, лама а лела деза, хӀунда аьлча
пайхамар Ярушалаймал арахьа вала йиш йолуш
вац.
34 Ва Ярушалайм! Пайхамарш бойу ахь, хьайна
тӀебахкийтиначарна тӀулгаш детта ахь. Мел чӀогӀа
лиънера-кх Суна хьан бераш гулдан, олхазаро шен
кӀорнеш тӀома кӀел гул ма-ярра, амма хьуна ца лии
иза. 35 †ХӀинца билггала шун ЦӀа Дала дӀатесна ду.
Ас боху шуьга, шуна Со гур вац, цхьа хан а еана, аш
аллалц: „Декъала ву Везачу Элан цӀарах вогӀуш
верг!“»

### Чкъура кӀел хи хӀоьттина стаг туовар

14 Цкъа шоьтан дийнахь парушхойн цхьа
куьйгалхо волчу хӀума яа ваханера Ӏийса.
Чохь берш леррина хьоьжура Цо дечуьнга.
2 Цигахь Цунна дуьхьал нисвелира цхьа стаг. Иза,
чкъура кӀел хи а хӀоьттина, оцу цамгарх чӀогӀа бала
хьоьгуш вара. 3 ТӀаккха Ӏийсас хаьттира Ӏеламчу
нахе а, парушхошка а: «Далла леринчу шоьтан
дийнахь дарба дан бакъо ю я яц?»
4 Уьш бист ца хилира. Ӏийсас, цунах куьг а
Ӏоьттина, цомгушчунна дарба а дина, иза
дӀавахийтира. 5 ††Ткъа вукхаьрга Цо хаьттира:
«Нагахь шун кӀант я, масала, сту гӀуна чу боьжча,
сихха дахана иза хьалабоккхур бац аш, Далла
леринчу шоьтан де делахь а?»
6 Церан Кхуьнга ала хӀумма а дацара.

### Хьешашна а, хӀусамдена а дина хьехар

7 Ӏийсас тидам бира хьошалгӀа кхайкхина нах
баьрччехь йолу меттигаш дӀалаца гӀертар. Цо
тӀаккха царна цхьа хьекъале хӀума дийцира: 8 ‡«Хьо
цхьанхьа зуда ялийначу метте кхайкхина велахь,
баьрчче хаа ма гӀерта, хӀунда аьлча хьол лоруш
волу стаг а кхайкхина хила там бу цига. 9 ТӀаккха
хьо а, иза а кхайкхинчу хӀусамдас, тӀе а веана,
хьоьга эр ду: „ХӀокху стагана меттиг ло“, – аьлла.
Нахана хьалха юьхьӀаьржачу а хӀоьттина, уггар
йистера меттиг дӀалаца езар ю хьан. 10 Хьо
хьошалгӀа кхайкхинчу хӀусамехь неӀарера меттиг
дӀалаца, хӀусамдега, хьайна тӀе а веана, алийта:
„ДоттагӀа! Вало, хьуьлла баьрчче хаа“, – аьлла.
ТӀаккха вукху хьешашна хьалха хьан ларам хир бу,
11 ‡‡хӀунда аьлча хӀора ша лакхара хеташ верг, лах а
вина, кӀезиг хетар ву, ткъа ша кӀезиг хеташ верг
лакхаваьлккхина хир ву».
12 Цул тӀаьхьа Ша кхайкхинчу хӀусамдега Ӏийсас
элира: «Айхьа нах хӀума яа чукхойкхуш, хьайн
доттагӀий а, вежарий а, гергара нах а, хьалдолу
лулахой а ма кхайкха, хӀунда аьлча церан таро ю
хьо чукхайкха а, шайна дина дика юхадан а.
13 Айхьа шун хӀоттош, къенаш, заьӀапнаш,
астагӀнаш, бӀаьрзенаш кхайкха. 14 Хьо декъала хир
ву, хӀунда аьлча церан хьуна иза юхадан таро яц.
Делан лаамехь болу нах денлучу дийнахь, юхалур
ду хьуна иза».

### Доккхачу тойнах лаьцна хьекъале дийцар
(Маттай 22:1-10)

15 И хӀума хезча, чохь болчех цхьаммо элира:
«Декъала ву *Делан Олалла* тӀелаьцначарна юкъахь
кхачанах кхеттарг!»
16 ТӀаккха Ӏийсас дийцира: «Цхьана стага доккха
той а хӀоттийна, дуккха а хьеший кхайкхина. 17 Той
дӀадоло хан тӀекхаьчча, шен ялхо вахийтина цо
шуьне кхайкхинчаьрга дӀаала: „Схьадуьйла, дерриг
а кийча ду“, – аьлла. 18 Амма хьеший, цхьаъ санна,
бехказа бийла хӀиттина. Хьалхарчо аьлла: „Ас латта
эцна, вахана цуьнга хьажа дезаш ву со, доьху
хьоьга, къинтӀера валахь суна“. 19 ШолгӀачо аьлла:
„Ас пхи шуьста эцна, и стерчий дӀа а доьжна, мега
ца мега хьажа воллура со. Суна къинтӀера валахь“,
– аьлла. 20 КхозлагӀчо аьлла: „Ас зуда ялийна,
цундела вогӀийла дац сан“, – аьлла. 21 Вухавеанчу
ялхочо хӀусамдега и дерриг дӀааьлла. ТӀаккха
оьгӀазваханчу хӀусамдас шен ялхочуьнга буьйр
дина: „Хьада, чехкка гӀалин урамашкахула а,
майданашкахула а чекхвалий, схьабалабе кхуза
къенаш, заьӀапнаш, бӀаьрзенаш, астагӀнаш“. 22 Юха
а веана, ялхочо аьлла: „ХӀусамда! Ахь ма-аллара,
дерриг а ас кхочушдина, амма кхин а меттиг ю цӀа
чохь“. 23 ТӀаккха хӀусамдас юха а тӀедожийна
ялхочунна: „Ваха а гӀой, гӀалара аравалий,
новкъахь а, керташкахь а гинарг схьавалаве, сан
цӀа хьешех дуьззина хилийта. 24 Амма, ас боху
шуьга, хьалха кхайкхинчех цхьаъ хир вац сан
тойнехь“».

### Ӏийсан мурд хиларан мах
(Маттай 10:37, 38)

25 Ӏийсаца йогӀуш адамийн йоккха тоба яра. Цо,
юха а вирзина, элира цаьрга: 26 ‡‡‡«Стаг Суна
тӀаьхьахӀоьттина схьаван а, Сан мурд хила а йиш
йолуш вац, Со шен дел а, ненал а, зудчул а, берел а,
вежарел а, йижарел а, ур-атталла дахарал а лараме
хеташ иза вацахь. 27 ‡‡‡‡Шен баланийн мохь ‡‡‡‡
схьаэца реза а воцуш, Суна тӀаьхьавогӀург Сан

† *13:35 Забур 117:26.* †† *14:5 Маттай 12:11.* ‡ *14:8-10 Кицанаш 25:6, 7.*
‡‡ *14:11 Маттай 23:12; Лака 18:14.* ‡‡‡ *14:26 Маттай 10:37.* ‡‡‡‡ *14:27 Маттай 10:38; 16:24; Марк 8:34; Лака 9:23.* ‡‡‡‡

мурд хила йиш йолуш вац. 28 Масала, шух цхьаъ
бIов ян лууш ву. Охьа а хиина, шен хин йолу харж
лорур яц цо, гIишло чекхъяккха ахча тоьар ду дац
хьажа? 29 Цо, бух а боьттина, дIаерзо ницкъ а ца
кхаьчна, гIишло йолийначохь йитича, массо а и
гуш верг воьлур ма ву цунах. 30 Цара бохур дара:
„ХIокхо гIишло йолийначохь чекх а ца яккхалуш
йитира“, – бохуш. 31 Я, масала, цхьа паччахь ву тIом
бан кечлуш. Цкъа, охьа а хиъна, ойла йийр ю цо,
шен итт эзар стаг волчу эскарца ткъа эзар стагаца
тIевогIучунна дуьхьало ялур ю, я яц аьлла.
32 Нагахь шен ницкъ кхочур бац аьлла, цунна
хетахь, мостагIа генахь волччуьра, цо векалш
бохуьйтур бу машар боьхуш. 33 Делахь, шен долахь
долчух дерригенах шух хIора ца къастахь, Сан
мурдаш хила йиш яц шун.
34 Туьха дика хIума ю, амма цуьнан чам
дIабаьлча, стен хуьлуьйтур ду иза юха а дуьра?
35 Иза я лаьттах а, я кхеллех а тоха пайденна дац,
дIакхоссан бен. Лергаш долчунна хIара хезийла!»

### Байначу уьстагIах лаьцна хьекъале дустар

(Маттай 18:12-14)

15 †Iийсага ладогIа дуккха а адамаш: ял
гулъешберш а, къинош летийнарш а
тIеоьхура. 2 *Парушхой* а, Iелам нах а резабоцуш,
гIовгIа еш бара: «ХIокху стага къинош летийна
адамаш тIе а оьцу, цаьрца хIума а йоу», – бохуш.
3 ТIаккха Iийсас царна цхьа хьекъале дустар
далийра.
4 «Мила ву шух, шайн бIе уьстагI юкъара цхьаъ
байча, важа безткъе ткъайоьсна эрна арахь а
битина, байнарг лохур боцуш, иза карабаллалц?
5 Ткъа иза карийча, самукъадаьлла, белшаш тIе а
биллина, цIа бахьар бу. 6 ДоттагIий а, лулахой а
схьа а кхайкхина, уьстагI болчо эр ду: „Даккхийде
вай цхьаьна, суна сайн байна уьстагI карийна!“
7 Масала, дохковала бахьана доцуш, Делан лаамехь
а волуш везткъе ткъайоьсна стаг ву. Ас боху шуьга,
оцу нахана чул, къинош а летийна, юха
дохковаьлла, Далла тIевирзинчу цхьана стагана
алсам баккхийбийр бу стигалшкахь берш».

### Дайначу ахчанах лаьцна хьекъале дустар

8 «Масала, цхьана зудчун *драхма* цIе йолу итт
дато ахча ду. Царах цхьаъ дайча, стогар а латийна,
чохь нуй а хьоькхуш, леррина и лохур ма ду цо, иза
карадаллалц. 9 Ткъа иза карийча, доттагIий а,
лулахой а схьа а кхайкхина, цо эр ду:
„Даккхийдейша соьца: суна дайна ахча
схьакарийна!“ 10 Ас боху шуьга, лелийначунна
дохко а ваьлла, Далла тIевирзинчу цхьана стагах а
Делан маликийн самукъадалар иштта хуьлу».

### Байначу кIентех лаьцна хьекъале дийцар

11 Кхин а дийцира Цо: «Цхьана стеган ши кIант
хилла. 12 Жимах волчу кIанта шен дега аьлла: „Дада!
Хьайн бахамах суна догIу дакъа схьалохьа“. Дас
шина кIантана бекъна бахам. 13 Дукха хан ялале,
жимах волу кIант, шен дерг вовшах а тоьхна,
генарчу махка вахана. Цигахь, сакъоьруш, шен
хьал эрна дайина цо. 14 Ткъа шадерриг и дайина
ваьлча, цу махкахь чIогIа мацалла хIоьттина. Иза
таро йоцуш висна. 15 ТIаккха, вахана, цу махкарчу
цхьана стагана чухIоьттина иза. Вукхо хIара
хьакхарчий яжо вахийтина шен аренашка.
16 Мацалло бIарзвина, хьакхарчаша бууш болу акха
стоьмаш биина а, шен гай дузо лууш хилла хIара,
амма цхьаммо а кхунна уьш луш ца хилла. 17 Метта
а веана, цо аьлла: „Мел дукха ялхой бу сан ден
цIахь, церан массеран а шортта яа хIума ю, ткъа со
кхузахь мацалла леш ву! 18 ДIавахана, сайн да
волчу юха а вирзина, ас эр ду цуьнга: Дада! Далла
хьалха а, хьуна хьалха а къа латийна ас! 19 ХIинца
со хьакъ вац хьан кIант ву со ала, хьайн белхало
вай, дIаэцахьа со“. 20 Хьала а гIаьттина, шен да
волчу вахара иза.
КIант геннахь схьавогIуш дена гира. Цунах
къахетта, ведда тIе а вахана, иза маравоьллина,
цунна барт баьккхира дас. 21 Ткъа кIанта элира
цуьнга: „Дада! Далла хьалха а, хьуна хьалха а къа
латийна ас. ХIинца со хьакъ вац хьан кIант ву со
ала“. 22 Амма дас шен ялхошка элира: „Тоьлла йолу
бедар схьа а яй, тIеюха цунна, пIелгах мухIар а
долла, кога мачаш а юха. 23 Юстийна йолу старгIа
схьа а ялаяй, урс хьакха: той хIоттор ду вай.
24 ХIунда аьлча хIара сан кIант веллачуьра
денвелла, вайначуьра карийна“. Уьш сакъера
буьйлабелира.
25 Воккхах волу кIант оцу хенахь кха тIехь вара.
ЦIа вогIуш, шайн бахамна гергакхаьчча, цунна
лоькху эшарш а, хелхаран мукъамаш а хезира.
26 Цхьа ялхо схьа а кхайкхина, цо хаьттира: „ХIара
хIун ду?“ 27 Ялхочо элира цуьнга: „Хьан ваша цIа
веана. Хьан дас старгIа ейтина, хIунда аьлча иза
могуш-маьрша юхавирзина“. 28 Воккхах волу кIант,
оьгIазвахана, чу ван ца лууш вара. Дас, ара а
ваьлла, чувола аьлла, дийхира цуьнга. 29 Амма цо
элира дега: „Со хьуна вецаш волу мел дукха хан ю,
ахь аьллачунна тIера ког а ца баьккхина ас, амма
ахь суна буьхьиг а ца елла, соьга сайн доттагIашца
сакъерийта. 30 Ткъа шен хьал мехкаршца
сакъоьруш хаьхкина волу хьайн кIант цIа веача,
цунна юстийна старгIа йийна ахь“. 31 Амма дас
элира воккхах волчу кIанте: „Сан кIант! Хьо гуттар а
соьца ма ву, сан долуш дерг шадерриг а хьан ма ду.
32 ХIинца вай самукъадаьлла хила ма деза, хьан
ваша веллачуьра денвелла, вайначуьра карийна“».

*Баланийн мохь *– бакъду, грекийн маттахь иштта яздина ду: *жIаран бIогIам.** † 15:1, 2 Лака 5:29, 30.*

### Тешаме воцучу урхалхочух лаьцна хьекъале дийцар

16 Шен мурдашна Іийсас кхин цхьа хьекъале
дийцар далийра: «Цхьана хьалдолчу стеган
бахаман дола деш урхалхо хилла. Цхьаммо аьлла
цу хьолахочуьнга, цуьнан бахам урхалхочо байина
дІабоккхуш бу аьлла. 2 Урхалхо тІе а кхайкхина,
хІусамдас хаьттина: „И хІун ду суна хьох лаьцна
хезаш дерг? ДІа а гІой, хьайн балхах жоп дала
кечам бе, кхин дІа хьоьга урхалла ца дойту ас“, –
аьлла. 3 ТІаккха урхалхочо ойла йина: „Ас хІун дан
деза? ХІусамдас со балхара дІавоккхуш ву. Латта
ахка ваха сан ницкъ бац, сагІа деха эхь хета. 4 ХІа!
Суна хаьа хІун дан деза, кхузара дІаваьккхича
кхечу меттехь со тІеэцийта“. 5 Цхьацца кхойкхуш,
шен хІусамден декхархой тІекхайкхина цо.
Хьалхарчуьнга хаьттина: „Хьо мел декхарийлахь ву
сан хІусамдена?“ 6 Вукхо жоп делла: „БІе черма
зайтдаьтта“. Урхалхочо аьлла цуьнга: „ХІара хьайн
декхар тІеяздина кехат схьа а эций, сихха
охьахаий, дІаязде: шовзткъе итт“. 7 Юха кхечуьнга
хаьттина: „Хьо мел дала дезаш ву сан хІусамдена?“
Цо аьлла: „Эзар гали кІа“. Урхалхочо аьлла: „Хьайн
декхаран кехат схьа а эций, дІаязде: бархІ бІе гали“.
8 ХІусамдас хастийна тешаме воцу урхалхо, сел
кхетаме иза хиларна. Бан а бу хІокху заманна
хьакъ болу нах Делан нуьрехь болчу нахал
кхетаме, шаьш санна болчаьрца гІуллакх догІуш.
9 Ас боху шуьга, харц дуьненан хьолах пайда а
оьцуш, шайна доттагІий лаха. Юха, и хьал шух
дуьсур долчу хенахь, Дала Шен даим лаьттачу цІа
чохь тІеоьцур ду шу. 10 КІезигчу хІуманна тІехь
тешаме верг доккхачунна тІехь а тешаме ву, ткъа
кІезигчунна тІехь тешаме воцург доккхачунна
тІехь а вац. 11 Нагахь шу дуьненан хьал гулдеш
тешаме ца хиллехь, стигалахь бакъдолу хьал шух
хьан тешор ду? 12 Неханиг шух тешна дита мегаш
ца хилча, шуниг хьан лур ду шуна?
13 †Шина хІусамдена гІуллакх далур дац цхьана
ялхочуьнга. Цунна цхьа хІусамда везар ву, важа
везар вац, я цхьанна хьесталур ву, ткъа вукхунах
вешар вац. Цундела цхьаьний – Далла а, хьолана а
ялхой хилалур дац шу».

### Товрат а, Делан Олалла а

(Маттай 11:12, 13; 5:31, 32; Марк 10:11, 12)

14 Ахча дукха дезаш болу *парушхой* и дерриг а
хаза а хезаш, Іийсах боьлуш бара. 15 Ткъа Цо элира
цаьрга: «Шу нахана хьалха диканаш хила гІерташ
ду, амма Далла хаьа шун дагахь дерг. Адамашна
мехала хетарг Далла боьха хета.
16 ††Товрат-хьехамаш а, пайхамарша яздинарг а
Яхьъя-пайхамар гучуваллалц лелла, ткъа цу хенахь
дуьйна Делан Олаллех лаьцна болу *хаза кхаъ* а
кхайкхош бу. Массо а чІогІа *Делан Олалла*
тІелаьцначарна юкъахь хила лууш а ву. 17 ‡Амма
стигалний а, латтаний а атта хир ду дІакъовладала,
товрат-хьехамаш тІера цхьа сиз дІадовчул.
18 ‡†ХІора, шен зуда а йитина, кхин ялош верг
ямарта волуш ву, и санна ямарта йитина зуда ялош
верг а ву».

### Хьолахо а, ЛаІзар а

19 Юха Іийсас дийцира: «Вехаш хилла цхьа
хьалдолу стаг. Деза а, хаза а духар тІе а духий,
хІора дийнахь той а хІоттадой, сакъоьруш хилла
цо. 20 Ткъа цуьнан кевнна йисттехь Іуьллуш, ЛаІзар
цІе йолуш сагІадоьхург хилла, дерриг дегІ
дІалаьцна даьІнаш а долуш. 21 Хьолахочун стоьла
тІера охьаэгна юьхкаш йиъна а, хІума яа лууш
хилла цунна. ЖІаьлеша, тІе а догІий, цуьнан
даьІнашна тІе мотт хьоьккхуш хилла. 22 Эххар а
сагІадоьхург велла. Маликаша ИбрахІимна юххе,
баьрччехь йолчу метте, дІаваьхьна иза. Хьолахо а
велла, иза дІавоьллина. 23 Жоьжахатин цІергахь
Іазапехь воллуш, дІахьаьжначу хьолахочунна
геннахь ИбрахІим а, цунна уллохь ЛаІзар а гина.
24 Мохь а тухуш, дехар дина хьолахочо: „Ва сан да
ИбрахІим! Къинхетам бехьа сох. ЛаІзар ваийтахьа,
шен пІелг хи чу а Іоьттина, сан мотт шелбайта,
хІокху цІергахь чІогІа холчохь ву-кх со!“ – аьлла.
25 Амма ИбрахІима аьлла: „Сан кІант! Дагадаийта,
хьо муха Іаш вара. Хьуна дерриг а диканиг
кхаьчнера хьайн дахарехь, ткъа ЛаІзарна – дерриг
вониг. ХІинца цунна кхузахь синтем хилла, ткъа
хьо баланехь ву. 26 Цул сов, хьуна а, тхуна а юкъахь
чІогІа кІорга Іин даьккхина. Нагахь кхузара
цхьанна хьуна тІеван лиъча а, иза дІавалур вац,
цигара цхьа а кхуза сехьа а валалур вац“. 27 ТІаккха
аьлла хьолахочо: „Ас доьху хьоьга, ЛаІзар
вахийтахьа сан ден хІусаме, 28 сан пхи ваша ма ву.
Цаьрга дІахоуьйтур дара цо кхузахь дерг, хІара
Іазап хьега уьш кхуза ца кхачийта“. 29 ИбрахІима
аьлла цуьнга: „Церан Мусан а, кхечу пайхамарийн
а деза йозанаш ду, цара яздинчуьнга ладогІа дезаш
ма бу уьш!“ 30 Хьолахочо жоп делла: „ХІан-хІа, дада
ИбрахІим! Нагахь веллачех цхьаъ шайна тІевеача,
лелийначунна дохко а бевлла, Далла тІебоьрзур
бара уьш“. 31 ТІаккха ИбрахІима аьлла цуьнга:
„Нагахь Мусага а, кхечу пайхамаршка а ла ца
догІахь, веллачуьра денвеллачух а уьш тешар
бац“».

### Къа латадайтарх, гечдарх, тешамах, декхарх лаьцна

(Маттай 18:6, 7, 21, 22; Марк 9:42)

17 Іийсас элира Шен мурдашка: «Стаге къа
латадойтуш долу хІума тІе ца догІуш дуьсур
дац. Амма декъаза ву ша бахьана долуш нахе къа
латадайтина стаг. 2 Делах тешаш болчу лахара
болчех цхьаьнга къа латадойтучул, хьеран тІулг,

† 16:13 Маттай 6:24. †† 16:16 Маттай 11:12, 13.

‡ 16:17 Маттай 5:18. ‡† 16:18 Маттай 5:32; 1 Коринтхошка 7:10, 11.

коча а оьллина, ша хIорда чу кхоссийтар гIоле ю цу
стагана. 3 †Шаьш ларлолаш! Нагахь хьан вашас къа
латадахь, бехк баккха цуьнгара, амма иза
дохковалахь, гечде цунна. 4 Нагахь хьан вашас
дийнахь ворхIазза хьуна дуьхьал къа латадахь,
амма ворхIаззе а хьо волчу а веана: „Со
дохковаьлла“, – алахь, гечде цунна».
5 ТIаккха векалша элира Iийсага: «Алсамбаккхахьа
тхан тешам», – аьлла.
6 Iийсас элира: «Нагахь санна шун тешам жимачу
буьрттигал а белахьара, аш оцу комарийн дитте
ала тарлора: „Орамашца схьа а далий, хIорда чу
догIало!“ Цо аш бохург дийр дара.
7 Масала, шун цхьаннан охуш я жа дажош ялхо ву.
Иза арара балхара цIа веача, хьан эр ду аш цуьнга:
„Схьавола, хIокху метте агIорвалий, хьайна хIума
яа“? 8 Мелхо а, аш цуьнга эр ду: „Суна яа хIума
кечъе, юкъ а ехкий, сан гIуллакхе хьажа со йиина а,
мелла валлалц, тIаккха – айхьа а яа а яа, мала а
мала“. 9 Шена тIедиллинарг ялхочо кхочушдича,
цунна баркалла хьан эр ду аш? 10 Иштта аша а,
шаьш дан деза гIуллакх кхочушдай, ала: „Тхо хьакъ
доцу ялхой бен дац – оха тхайна тIедиллина
гIуллакх кхочушдина“».

### Чкъуран цамгар йолу итт стаг туовар

11 Ярушалайме воьдуш, Шамранан а, Галилайн а
шина мехкан дозанехула схьавогIуш вара Iийса.
12 Иза цхьана юьрта чувулуш, Цунна
дуьхьалкхийтира дIа ца йоьрзу *чкъуран цамгар*
йолу итт стаг. Геннахь севцина, 13 маьхьарий
хьаьккхира цара: «Iийса! Устаз! Къинхетам бехьа
тхох!» – аьлла.
14 ††Уьш гиначу Iийсас элира: «Даха а гIой, динан
дайшна шаьш гайта», – аьлла.
Цомгуш нах, дIабоьлххушехь, новкъахь шайн
цамгарх цIинбелира. 15 Царах цхьаъ, ша товеллий а
хиъна, мохь туххуш Далла хастам а беш, вуха
вирзира. 16 Iийсана хьалха гора а воьжна, Цунна
баркаллаш баха хIоьттира иза. Иза шамранхо вара.
17 ТIаккха Iийсас хаьттира: «Итт стаг ца товелла
цамгарх? Важа исс мичахь ву? 18 Далла хастам бан
веанарг кхечу къомах волу хIара стаг бен ма вац?»
19 ТIаккха цу шамранахочуьнга элира Цо:
«ХьалагIатта, дIавало. Хьан тешаро цамгарх
кIелхьарваьккхи хьо».

### Делан олалла тIекхачар
(Маттай 24:23-28, 37-41)

20 Цкъа парушхоша хаьттира Iийсага: «Делан
Олаллин де тIе маца кхочур ду?» – аьлла.
Цо жоп делира: «Шуна гучу кепехь догIур дац
*Делан Олалла*. 21 Цхьаьнгге а алалур дац: „Иза
кхузахь ду“ я „ДIогахь ду“, хIунда аьлча Делан
Олалла шуна юкъахь ду».
22 ТIаккха Шен мурдашка элира Цо: «Цхьа хан
йогIур ю Адамийн КIентан денойх цхьа де гина а,
ган шу сатесна долуш, амма шуна и де гур дац.
23 Шуьга эр ду: „Иза кхузахь ву“, я „ДIогахь ву“, амма
И гур вара алий, шу дIа ма хьовда. 24 Ерриг а стигал
цхьана йистера вукху йисте кхаччалц
серлаяьккхина, стелахаьштиг санна, хир ву
*Адамийн КIант* Шен дийнахь. 25 Амма и де
тIекхачале, дуккха а баланаш лан дезар ду Цуьнан.
ХIокху адамийн тIаьхьено эккхор а ву Иза.
26 ‡Нохьа-пайхамаран деношкахь ма-хиллара хир
ду Адамийн КIентан деношкахь а. 27 ‡†Нах дууш,
молуш, зударий балош, маре оьхуш бара Нохьа-
пайхамар хIордкеманна чу валлалц. Амма цул
тIаьхьа хи а хьаьдда, и берриг нах хIаллакьхилира.
28 ‡‡Изза дара ЛутIа волчу деношкахь а: дуура,
молура, оьцура, духкура, дIадоьра, гIишлош йора.
29 Амма ЛутIа Седамера араваьллачу дийнахь
стигалара, догIа санна, деанчу цIеро а, саьмгало а
дерриг а адам хIаллакдира. 30 Иштта хир ду
Адамийн КIант гучувоккхучу дийнахь а.
31 ‡‡†Оцу дийнахь тхов тIехь нисвелларг шен
хIуманаш схьаэцца цIа чу ма гIо. Эрна арахь верг цIа
юха ма верза. 32 ‡‡‡Дагадаийта шайна ЛутIин зудчух
хилларг. 33 §Шен са лардечо иза хIаллакдийр ду,
ткъа са дIалочо иза Iалашдийр ду. 34 Билггала боху
шуьга: цу буса цхьаьна дIабийшинчех цхьаъ
дIаоьцур ву, ткъа важа вуьтур ву. 35 КIа оручу шина
зудчух цхьаъ дIаоьцур ю, важа юьтур ю» §†.
37 «Мичахь хир ду иза, Эла?» – аьлла, хаьттира
Цуьнан мурдаша.
Iийсас элира: «Дакъа долчу хьаргIанаш а гуллур
ю».

### Йисина Iачу зудчух а, кхелахочух а лаьцна хьекъале дийцар

18 Гуттар а доIанаш деш, догйовха
хилийтархьама, Iийсас Шен мурдашна цхьа
хьекъале хIума дийцира: 2 «Цхьана гIалахь вехаш
цхьа кхелахо хилла. Иза Делах ца кхоьруш а, нахах
эхь ца хеташ а стаг хилла. 3 Оццу гIалахь ехаш
йисина Iаш йолу зуда а хилла. Денна а
кхелахочунна тIе а оьхуш, цуьнга дехарш деш
хилла цо: „Сан довхочуьнца болчу къовсамехь
нийсонна тIе кхачаехьа со“, – бохуш. 4 Цхьа хан
яллалц цунна накъосталла ца деш Iийначу
кхелахочо эххар а ойла йина: „Делах ца кхерахь а,
нахах эхь ца хетахь а, 5 оцу зудчунна гIо дан деза
ас, хIора дийнахь схьа а оьхуш, цуьнга со хьийза
ца вайта“, – аьлла».
6 Везачу Эло аьлла: «Ойла елаш оцу харц
кхелахочо дуьйцучух лаций. 7 Дийнахь а, буса а

† 17:3 Маттай 18:15. †† 17:14 Iамалъяр 14:1-32.

‡ *17:26 Доладалар 6:5-8.* ‡† *17:27 Доладалар 7:6-24.* ‡‡ *17:28, 29 Доладалар 18:20–19:25.* ‡‡† *17:31 Маттай 24:17, 18; Марк 13:15, 16.* ‡‡‡ *17:32 Доладалар 19:26.* § *17:33 Маттай 10:39; 16:25; Марк 8:35; Лака 9:24; Яхьъя 12:25.* §† *Цхьадолчу тептарш тIехь – Маттай 24:40 – кхузахь, 36-гIа аят санна, тIетоьхна ду: *Шиъ аренгахь болх беш хир ву. Царах цхьаъ схьаоьцур ву, ткъа важа вуьтур ву.**

Шега кхойкхуш болу, Ша хаьржина болу нах
нийсонна тIе кхачор бац Дала? Церан дуьхьа
сихлур вац Иза? 8 Ас боху шуьга: Цо, хьем ца беш,
нийсоне кхочуьйтур бу уьш. Амма *Адамийн КIант*
дуьнен чу веача, карор буй теша Цунна Шех тешаш
болу нах?»

### Парушхочух а, ял гулъешволчух а лаьцна хьекъале дийцар

9 Шайх тоам а бина, кхечарах ца бешачу нахана
цхьа хьекъале хIума дийцира Iийсас: 10 «Ши стаг
вахана *Делан цIа* чу доIа дан: цхьаъ – парушхо,
важа – ял гулъеш верг. 11 Парушхочо, дIа а
хIоьттина, доIа деш хилла: „Дела! Хастам бу Хьуна,
талорхой, харцончаш, нахаца леларш я хIара ял
гулъеш верг санна со ца хиларна. 12 КIирнах шозза
*марха* а кхобу ас, сайн тIедогIучу хьолах уьтталгIа
дакъа нахана сагIина а ло ас“, – бохуш. 13 Гено
лаьтташ вара ял гулъеш верг. Стигала ши бIаьрг
хьала хьажо а ца ваьхьаш, шен некха тIе буй а
бетташ, бохура цо: „Дела! Къинхетам бехьа сох,
къинош летийначу стагах“, – бохуш. 14 †Билггала
боху шуьга, цу шиннах геч а дина цIа ваханарг ял
гулъеш верг ву. ХIунда аьлча хIора ша лакхара
хеташ верг, лах а вина, кIезиг хетар ву, ткъа ша
кIезиг хеташ верг лакхаваьккхина хир ву».

### Iийсас бераш декъалдо

(Маттай 19:13-15; Марк 10:13-16)

15 Iийса волчу кегий бераш а даладора, Цуьнга,
уьш декъалдеш, царна тIехула куьйгаш лацийта. И
гиначу мурдаша берашца болу нах човхабора.
16 Амма Iийсас, бераш Шена тIе а кхайкхина, элира
мурдашка: «ХIара бераш тIедахкийта Суна, царна
дуьхьало ма е, хIунда аьлча *Делан Олалла*
тIелаьцнарш уьш санна бу. 17 Билггала боху шуьга:
беро санна, Делан Олалла тIе ца лоцуш верг цкъа а
Делаца хир вац».

### Хьалдолу хьаькам

(Маттай 19:16-30; Марк 10:17-31)

18 Цхьана хьаькамо хьаттира Iийсага: «Дика Устаз!
Ас хIун дан деза Дела волчохь цкъа а чекхдер доцу
дахар кхачийтархьама?»
19 «Сох „дика“ хIунда олу ахь? – хьаттира Iийсас. –
Цхьа а вац дика, цхьа Дела воцург. 20 ††Дала
тIедехкина гIуллакхаш хьуна хууш ма ду: „Нахаца
ма лела, адам ма де, къола ма де, харц тоьшалла
ма де, дай-наний лара“?»
21 «Беран хенахь дуьйна и дерриг кхочушдеш
схьавогIуш ву со», – аьлла хьаькамо.
22 И хезча, Iийсас элира: «Кхин цхьа хIума дан
деза ахь: хьайн долахь дерг дерриг дIа а дохкий,
къечарна дIасадекъа, тIаккха стигалахь жовхIар
хир ду хьан. Цул тIаьхьа, схьа а волий, Суна
тIаьхьахIотта». 23 Хьаькам гIайгIане вуьйжира и
хезча, хIунда аьлча иза чIогIа хьал долуш стаг
вара.
24 Iийсас, цуьнга хьаьжча, иза гIайгIане вожар а
гина, элира: «Мел хала ду хьал долчу стагана Делан
Олалла тIе а лаьцна, Далла уллохь хила. 25 Эмкална
механ Iуьргахула чекхъяла атта ду, хьал долчу
стагана Делан Олалла тIе а лаьцна, Далла уллохь
хуьлучул».
26 И дерриг хезначара хьаьттира: «КIелхьара мила
ваккхалур ву ткъа?»
27 Iийсас жоп делира: «Адамашка ца далун дерг
Деле далур ду».
28 ТIаккха Кипас элира: «Тхо ду-кх, дерриг а
дитина, Хьуна тIаьхьахIиттинарш».
29 Iийсас элира: «Билггала боху шуьга: Делан
Олалла кхайкхоран дуьхьа шен цIа а, да-нана а,
зуда а, бераш а, йиша-ваша а дитинчунна 30 хIинца
а алссам дерг хир ду, ткъа тIейогIу йолчу заман
чохь Делаца долу цкъа а чекхдер доцу дахар а хир
ду».

### Iийсас кхозлагIа Шен кхалхарх а, денваларх а лаьцна дуьйцу

(Маттай 20:17-19; Марк 10:32-34)

31 Шен шийтта *векал* юьстах а кхайкхина, Iийсас
элира цаьрга: «Вай хIинца Ярушалайм лаьттачу
хьаладовлуш ду, цигахь дерриг кхочуш хир ду
Адамийн КIантах пайхамарша дIаяздинарг. 32 Иза
кхечу къаьмнех болчу нахе дIалур ву. Уьш Цунах
боьлуш, Иза хьийзош, Цунна тIе шеташ етташ хир
бу. 33 Цара Цунна шед еттар ю, тIаьххьара вуьйр а
ву, амма кхозлагIчу дийнахь Иза денлур ву».
34 Цо дийцинчух векалш ца кхийтира, Цуьнан
дешнийн маьIна царна къевлина дара.

### Ерихон-гIали уллохь бIаьрзе сагIадоьхург туовар

(Маттай 20:29-34; Марк 10:46-52)

35 Iийса Ерихон-гIали улло кхочучу хенахь, некъа
йистехь сагIа доьхуш Iара цхьа бIаьрзе стаг.
36 Уллохула тIехдовлучу адамийн гIовгIа а хезна, цо
хьаьттира: «И хIун ду?» – аьлла.
37 Цунна жоп делира: «Назартера Iийса ву и
тIехволуш верг», – аьлла.
38 ТIаккха бIаьрзечо мохь хьаькхира: « *Даудан
кIант* Iийса! Къинхетам бехьа сох!» – аьлла.
39 Хьалха богIучу наха чехавора иза, гIовгIа ма е
бохуш. Амма цо кхин а чIогIа мохь беттара:
«Даудан кIант! Къинхетам бехьа сох!» – бохуш.
40 Iийсас, саца а сецна, и стаг Шена
тIевалавайтира. Иза тIекхаьчча, хьаьттира цуьнга:
41 «Соьгара хIун оьшу хьуна?» – аьлла.
БIаьрзечо дийхира: «Эла! Са гуш хила лаьара
суна», – аьлла.
42 Iийсас элира цуьнга: «Са гуш хила хьайна! Хьан
тешаро кIелхьарваьккхи хьо».

---

† *18:14 Маттай 23:12; Лака 14:11.* †† *18:20 а: Арадаккхар 20:14; Карлабаьккхинарг 5:18; б: Арадаккхар 20:13; Карлабаьккхинарг 5:17; ц: Арадаккхар 20:15; Карлабаьккхинарг 5:19; д: Арадаккхар 20:16; Карлабаьккхинарг 5:20; э: Арадаккхар 20:12; Карлабаьккхинарг 5:16.*

43 Цу сохьта бIаьрзечун са схьадеара. Иза Iийсана
тIаьхьа вахара, Далла хастамаш а беш. И дерриг
гина нах даггара Далла хастамаш бан хIиттира.

### Iийса а, Закай а

19 Цул тIаьхьа Iийса Ерихон-гIалахула
чекхволуш вара. 2 Цу гIалахь вехаш вара ял
гулъечеран хьаькам а волуш, хьал долуш цхьа стаг.
Цуьнан цIе Закай яра. 3 Закайна чIогIа лаьара Iийса
ган, амма дегIана жима волу дела, нахана тIехула
ца хьажалора иза. 4 Ведда хьалха дIа а вахана,
цхьана комарийн дитта тIе хьалавелира иза,
тIехволу Iийса гархьама, хIунда аьлча Iийса
цигахула дIаваха везаш вара. 5 Закай волчу метте
тIевеана, хьала а хьаьжна, Iийсас элира: «Закай,
сихха чувосса! Хьо волчохь саца веза Со тахана».
6 Вукхо, сиха чу а воьссина, хазахетарца
тIеийцира Iийса шен хIусамехь. 7 И дерриг гина,
резабоцучара вовшашлахь шабарш дора:
«Къинош летийначу стеган хIусаме хьошалгIа веа-
кх Иза».
8 Закайс, хьала а гIаьттина, элира Везачу Эле:
«Эла! Ас сайн ах бахам къечарна дIалур бу, нагахь
ас цхьана хIумана тIехь стаг левинехь, цунна хилла
зе доьазза меттахIоттор ду!»
9 Iийсас элира: «Тахана къинхетам боьссина кху
хIусаме, хIунда аьлча иза а ИбрахIиман кIант ву. 10 †
*Адамийн КIант* дайнарг каро а, кIелхьардаккха а
веана ма ву».

### Итт дашо ахчанах лаьцна хьекъале дийцар
(Маттай 25:14-30)

11 ЛадугIучарна Iийсас цхьа хьекъале хIума
дийцира. Иза Ярушалаймана уллохь волу дела,
халкъана моттаделира *Делан Олалла* хIинццехь
гучудаьлла хир ду. 12 Iийсас дийца долийра:
«Паччахьан цIийнах волу цхьа стаг хилла генарчу
махка ваха араволуш, цу махкахь шен паччахьан
бакъонаш чIагI а йина, вухаверзархьама. 13 Ша
дIавахале, шен ялхой схьа а кхайкхина, цаьрга итт
дашо ахча а делла, аьлла цо: „Со вухавале, хIара
ахча пайда хуьлучу гIуллакхна хьажаде“. 14 Амма
оцу махкарчу нахана ца везара и стаг. Цара цунна
тIаьххье хьадалчаш бахийтира, шайн лаам
дIахаийта: „Тхуна ца лаьа и стаг тхайн паччахь
хила“, – аьлла.
15 Паччахь а хилла, ша вухавеача, цу стага
схьакхайкхийтира шен ялхошка. Цаьрга, шен
ахчанах хIун пайда хилла аьлла, хаьттира цо.
16 Хьалхарчу ялхочо, ван а веана, элира: „Эла! Хьан
цхьана дашо ахчано итт дашо ахча пайда бина“, –
аьлла. 17 ХIусамдас аьлла цуьнга: „Дика ду, хьо дика
ялхо ву. Хьо кIезигчу хIуманна тIехь тешаме
хиларна, хьан куьйгалла кIел итт гIала ло ас“.
18 ШолгIачо аьлла: „Эла! Хьан цхьана дашо ахчано
пхи дашо ахча пайда бина“. 19 „Хьо пхеа гIалина
тIехь куьйгалла дан хIоттаво ас“, – аьлла цуьнга
паччахьо. 20 Схьавеана, кхозлагIчо аьлла: „Эла!
ХIара ду хьан дашо ахча, со хьох кхоьру дела,
йовлакха юкъахь Iалашдинера ас иза, хIунда аьлча
хьо къиза стаг ву: айхьа дIа ца йиллинчуьра хIума
схьаоьцу ахь, айхьа дIа ца дийначуьра ялта хьокху
ахь“, – аьлла. 22 Паччахьо элира цуьнга: „Айхьа-
хьайна кхел йи ахь, мекара ялхо! Хьуна хаьара со
къиза стаг вуйла: айса дIа ца йиллинчуьра хIума
схьаоьцуш а, айса дIа ца дийначуьра ялта хьоккхуш
а. 23 Со цIа вале оцу ахчанах суна пайда хIунда ца
бира ахь, тIе са а йоккхуш иза юхалург делла а?“ –
аьлла. 24 ТIаккха уллохь лаьттачаьрга элира цо:
„Схьаэца цуьнгара дашо ахча, дIало иза итт дашо
ахча пайда бинчунна“, – аьлла. 25 Ялхоша элира:
„Эла! Цуьнгахь итт дашо ахча долуш ма ду“, –
аьлла. 26 ††Паччахьо жоп делира: „Ас боху шуьга:
долчунна кхин а тIелур ду, ткъа доцучуьнгара
цуьнан данне а доцург а дIадоккхур ду. 27 ‡Ткъа аса
шайна тIехь паччахьалла дан ца лууш хилла болу
сан мостагIий, схьа а балабай, хIокху меттехь, суна
хьалхахь байа“, – аьлла».

### Iийса декъалварца Ярушалайма чувар
(Маттай 21:1-11; Марк 11:1-11; Яхьъя 12:12-19)

28 Шен дийцар чекх а даьккхина, Ярушалайме
боьдучу новкъахула мурдашна хьалхаваьлла
вахара Iийса. 29 *Зайт-диттийн* ломан басенашкахь
Iохкуш йолу Бет-Паг а, Бет-ХIина а гIаланашна
тIекхочуш, Шен мурдех шиъ вахийтира Цо, царна
тIе декхар а диллина: 30 «Шайна хьалха лаьттачу
юьрта дIагIо. Шу юьрта чу довллушехь, цхьа а стаг
тIе а хааза, дIайихкина къона вир карор ю шуна,
схьа а ястий, иза кхуза схьаялае. 31 Цхьамма шайга
хаттахь: „Схьа хIунда йосту аш иза?“ – аьлла, „Элана
оьшу хIара“, – эр ду аш».
32 ДIабаханчу мурдашна, Iийсас ма-аллара,
карийра дерриг а. 33 Цара вир схьайостучу хенахь,
хIусамдайша хаьттира: «Вир схьа хIунда йосту аш?»
– аьлла.
34 Кхара жоп делира: «ХIара Элана оьшу», – аьлла.
35 Мурдаша, вир схьа а ялийна, цунна тIе шайн
тIехулара бедар а кхоьссина, Iийса тIехаийра. 36 Иза
новкъа вогIуш, цара шайн бедарш Цунна хьалха
некъа тIе охьатуьйсура.
37 Зайт-диттийн лам тIера некъ охьабоьрзучу
меттехь берриг мурдаш самукъадаларца, мохь
туххуш Далла хастамаш бан буьйлабелира, шайна
мел гина тамашийна гIуллакхаш бахьана долуш:
38 ‡†«Декъала ву Везачу Элан цIарах вогIуш волу
Паччахь! Стигалахь барт бу, лакххахь хастам бу!» –
бохуш.
39 Нахана юкъара цхьаболчу парушхоша элира
Iийсага: «Устаз! Совцабе Хьайн мурдаш!» – аьлла.

† *19:10 Маттай 18:11.*

†† *19:26 Маттай 13:12; Марк 4:25; Лака 8:18.* ‡ *19:11-27 Маттай 25:14-30.* ‡† *19:38 Забур 117:26.*

40 Цо жоп делира царна: «Билггала боху шуьга:
нагахь уьш совцахь, тIулгаша а маьхьарий деттар
ду».

### Iийсан Ярушалаймах болу тийжам

41 Уьш Ярушалаймана улло кхаьчча, гIала а гина,
Iийсан бIаьргех хи делира. 42 Цо элира: «Маржа-яI!
ХIокху дийнахь мукъана а хьайна чохь бартехьа
болу некъ хилийта хIун оьшу хьуна хиъча!.. Амма
тахана лачкъийна ду-кх и хьан бIаьргех. 43 Цхьа
денош догIур ду, мостагIаша го а тесна, баьрзнаш а
дина, хьо юкъа а йоьллина, массо а агIор хьо
къовлуш. 44 ТIулга тIехь тIулг а ца буьтуш, йохор ю
хьо, хьан бахархой а бойур бу. И дерриг хир ду,
хьайна чу Веза Эла воьссина хан хьуна ца хаар
бахьана долуш».

### Делан цIийнан керт цIанъяр

(Маттай 21:12-17; Марк 11:15-19; Яхьъя 2:13-22)

45 Делан цIийнан керта а веана, цигара мах беш
болу нах дIалахка волавелира Iийса. 46 †«Яздина ду,
– бохура Цо цаьрга, – „Сан цIа доIанаш ден цIа
олуш хир ду“, – аьлла, ткъа аш кхунах зуламхойн
бен бина».
47 ††Iийсас хIора дийнахь Делан цIийнан кертахь
хьоьхура. Динан коьрта дай а, Iелам нах а, бакккхий
нах а Iийса хIаллакван лууш бара. 48 Амма церан
аьтто ца болура, хIунда аьлча дерриг адам гуттар а
Цуьнца дара, хIора Цуьнан даше ладугIуш.

### Iийсан олалла шеконе диллар

(Маттай 21:23-27; Марк 11:27-33)

20 ТIаьхьо, Iийса Делан цIийнан кертахь *хаза
кхаъ* кхайкхош волуш, Цунна тIебаьхкира
динан коьрта дай а, Iелам нах а, бакккхий нах а.
2 «Муьлхачу бакъонца ду Ахь деш дерг? Хьан елла
Хьуна и бакъо?» – аьлла, хаьттира цара.
3 Iийсас жоп делира: «ХIинца Аса а дийр дара
шуьга цхьа хаттар: 4 Яхьъяна хих нах чекхбаха елла
бакъо стигалара яра я адамашкара яра?»
5 ТIебаьхкинарш вовшийн барт бан хIиттира:
«Нагахь вай: „Стигалара яра“, алахь, Цо хоттур ду:
„Цунах хIунда ца тийшира шу?“ – аьлла. 6 Амма
нагахь: „Адамашкара яра“, – алахь, наха вайна
тIулгаш кхуьссур ду, хIунда аьлча уьш тешна бу
Яхьъя пайхамар хиларх». 7 Цара жоп делира: «Ца
хаьа тхуна», – аьлла.
8 Iийсас элира: «ТIаккха Ас а эр дац шуьга,
муьлхачу бакъонца деш ду Айса деш дерг».

### Кемсийн беш лелорхочух лаьцна хьекъале дийцар

(Маттай 21:33-46; Марк 12:1-12)

9 ‡Юха Iийсас нахана цхьа хьекъале хIума
дийцира: «Цхьана стага кемсаш йийна хилла. Уьш
лело белхалошка дIа а елла, дукккха а ханна цIера
ваьлла хилла иза. 10 Кемсаш хуьлучу хенахь шен
ялхо вахийтина цо белхалошна тIе, гулбинчу
стоьмех цхьа дакъа да шена аьлла. Амма
белхалоша ялхо, етта а йиттина, ваьсса цIа
хьажийна. 11 ХIусамдас кхин цхьа ялхо а вахийтина,
амма цара, етта а йиттина, сийсаз а вина, хIумма а
ца луш, дIахьажийна иза а. 12 Цо кхозлагIа ялхо
вахийтина. Белхалоша йиттина, цIийх а вуьзна,
эккхийна иза а. 13 ТIаккха хIусамдас аьлла: „ХIун дан
деза ас? Сайн хьоме кIант вахийта веза ас, цуьнга
мукъана а ларам хир бац теша церан?“ 14 Амма
шайна тIевеана и кIант гича, белхалойн сацам
хилла: „Иза хинволу хIусамда ву. Вай иза вен веза,
тIаккха цуьнан бахам вайна буьсур бу“. 15 Кемсийн
бешара ара а ваьккхина, вийна цара иза.
Ткъа хIинца хIун дийр ду царна хIусамдас? 16 Ван а
веана, и белхалой байа а байина, кхечаьрга дIалур
ю-кх кемсийн беш».
ЛадугIучара элира: «Иза иштта ма хуьлийла!»
17 ‡†Iийсас, леррина цаьрга а хьаьжна, элира: «ХIун
маьIна долуш ду Делан Йозанан дешнаш:
„ГIишло еш пхьераша дIакхоьссина тIулг
цIийнан сонан йистехь коьрта тIулг хилла,
дIахIоьттина“?
18 Муьлхха а оцу тIулга тIе охьавоьжнарг аталур
ву, ткъа и тIулг цхьанна тIе боьжча, цо хьошур ву».
19 И дийцар шайна дуьхьал далийна дуй кхетта, цу
сохьта Iийса лаца аьтто лоьхура динан дайша а,
Iеламчу наха а. Амма уьш нахах кхоьрура.

### Паччахьна ял яларх лаьцна

(Маттай 22:15-22; Марк 12:13-17)

20 Цара Iийса леррина тергалвора, Цунна тIе
шайн мотт бетта нах а оьхуьйтуш. Муьлххачу даша
тIехь ваьлла а Иза галвалахь, мехкан куьйгалхочун
Iедале дIаваларе сатуьйсуш, и мекара нах гонах
хьийзара Цунна, шаьш диканаш бу а моттуьйтуш.
21 Цкъа хаьттира мотт беттачара: «Устаз! Хьан
дешнаш а, хьехамаш а нийса буй хаьа тхуна. Стаге
ца хьожуш, Ахь нийса хьоьху Далла лууш дерг.
22 Алахьа, нийса дуй те римхойн паччахьна ял ялар
я дац?»
23 Церан мекарло гуш, Iийсас элира:
24 «Схьагайтал Суна дато *динари-ахча*. Хьенан сурт
ду кху тIехь диллинарг, хьенан цIе ю язйина?»
«Римхойн паччахьан ю-кх», – элира цара.
25 ТIаккха Цо жоп делира цаьрга: «Делахь,
паччахьна паччахьна доггIург дIало, Далла – Далла
доггIург».
26 Нахана хьалха цхьана а хIуманна тIехь Иза
лаца а ца велла, Цуьнан жоьпах цецбевлла,
дIасевцира мотт беттарш.

### Денваларх лаьцна

(Маттай 22:23-33; Марк 12:18-27)

27 ‡‡Iийсана тIе *садукъой* баьхкира. Уьш ца тешара
велла стаг денваларх. Цара хаьттира Цуьнга:

† *19:46 ЕшаI-ЯхIу 56:7; Ярми-ЯхIу 7:11.* †† *19:47 Лака 21:37.*
‡ *20:9 ЕшаI-ЯхIу 5:1.*
‡† *20:17 Забур 117:22.* ‡‡ *20:27 Векалийн 23:8.*

28 †«Устаз! Муса-пайхамаро яздина вайна, нагахь
стаг велча, цуьнан зуда доьзалхо воцуш йисахь,
веллачун вашас и зуда яло еза шен вешин тӀаьхье
меттахӀотто. 29 ВорхӀ ваша хилла. Хьалхарчо зуда
ялийна, амма и лечу хенахь доьзалхо ца хилла
цуьнан. 30 Иштта хилла шолгӀачу вешина а.
31 КхозлагӀчо ялийна иза, иштта ворхӀе а велла уьш,
цхьа а бер доцуш. 32 Эххар и зуда а елла. 33 Масала,
уьш денбелча, хьенан зуда хир ю иза, ворхӀангахь
а иза марехь хилла хилча?»
34 Ӏийсас жоп делира: «Кху дуьнен чохь зударий а
балабо, маре а боьлху. 35 ТӀейогӀучу хенахь
беллачуьра денбала хьакъ берш зударий балош я
маре боьлхуш хир бац. 36 Деллачуьра ден а делла,
уьш Делан бераш ду. Маликех тарделла, уьш кхин
лийр дац. 37 ††Ткъа белларш билггала денлург хилар
Муса-пайхамаро гайтира коканийн колл йогучу
хенахь. Мусас Везачу Элах „ИбрахӀиман а,
Исхьакхан а, Якъубан а Дела“ аьлла. 38 Амма Дела
беллачеран Дела вац, дийначеран Дела ву, хӀунда
аьлча Цунна гергахь массо а дийна ву!»
39 И хезча, цхьаболчу Ӏеламчу наха элира: «Дика
жоп делира Ахь, Устаз!» – аьлла. 40 Кхин цхьа а
Цуьнга хаттар дала ца хӀуттура.

### Дала леррина Къобалвинчух лаьцна хаттар

(Маттай 22:41-46; Марк 12:35-37)

41 Юха Ӏийсас хаьттира: « *Дала леррина
Къобалвинарг Даудан КӀант* ву хӀунда олу? 42 ‡Дауда
забура тӀехь ша ма-аллара:
„Везачу Эло сан Хьалдолчу Эле аьлла:
Суна аьтту агӀор охьахаа,
43 Аса Хьан мостагӀий Хьан когашка охьабахккалц“.
44 Нагахь Дауда Цунах „Хьалдолу Эла“ аьлча,
цуьнан кӀант муха хуьлу Иза?»

### Ӏеламчу нахах ларвалар

(Маттай 23:1-36; Марк 12:38-40)

45 Массо а Ӏийсага ладугӀуш вара, ткъа Цо Шен
мурдашка элира: 46 «Ӏеламчу нахах ларлолаш. Уьш
деха духарш духий лела, базаран майданашкахь
шайга маршалла хоттуш хазахета царна, *гуламан
цӀа* чохь а, той долчохь а баьрччехь Ӏан лаьа
царна. 47 Цара бисина Ӏан зударий шайн цӀенойх а
боху, шаьш гайтархьама деха доӀанаш а до. Амма
иштта болчарна луьра таӀзар хир ду».

### Йисина Ӏачу зудчун сагӀа

(Марк 12:41-44)

21 Ӏийсана гира хьалдолчу наха Делан цӀийнан
кертахь сагӀа гулдечу хазнина чу сагӀина
хӀума луш. 2 Цхьа йисина Ӏаш йолу къен зуда а гира
Цунна. Цу зудчо ши жима цӀестан ахча
охьадиллира. 3 «Бакъдерг боху шуьга, – элира
Ӏийсас, – хӀокху йисина Ӏачу къен зудчо сагӀина
делларг массара деллачул а деза ду. 4 Вукхара шайн
хьолах совдаьлларг луш дара, ткъа цо шен таро
йоццушехь, шена юучунна хӀумма а ца дуьссушехь,
дерриг а охьадиллина».

### Делан цӀа дохор хиларх лаьцна

(Маттай 24:1, 2; Марк 13:1, 2)

5 Цхьаболчу Ӏийсан мурдаша тидам бира *Делан
цӀа* дезачу мехалчу тӀулгех а, Далла деанчу
совгӀатех а кечдина хилар. Амма Ӏийсас элира:
6 «Цхьа хан йогӀур ю, хӀара шуна гуш дерг дерриг а
дохош, тӀулга тӀехь тӀулг а ца буьтуш».

### ТӀаьхьарчу заманан билгалонаш

(Маттай 24:3-14; Марк 13:3-13)

7 Мурдаша хаьттира: «Устаз! Маца хир ду иза? ХӀун
билгало хир ю и хиндерг тӀекхачаран?»
8 Цо элира: «Ларлолаш, шаьш ле ма дайталаш,
хӀунда аьлча Сан цӀарца дукха нах богӀур бу: „Со ву
Иза“ я „Хан тӀекхочуш ю“, – бохуш. Царна тӀаьхьа
ма хӀитталаш. 9 ТӀемах я гӀаттамах шайна хӀума
хазахь, кхера ма лолаш. И дерриг цкъа хьалха хир
ду, амма чаккхе иштта сиха хир яц».
10 Ӏийсас кхидӀа а дуьйцура: «Халкъана дуьхьал
халкъ гӀоттур ду, мохк махкана дуьхьал бер бу.
11 МаьӀ-маьӀӀехь чӀогӀа мохк бегор бу, мацалла а
хир ю, ун а хир ду, инзаре а, кхераме а хӀуманаш
хир ду, стигалара тамашийна билгалонаш а хир ю.
12 Амма и хӀуманаш хилале, шу дӀа а лоьцур ду,
лаьхкина а лелор ду. Со бахьана долуш, гуламан
цӀеношкахь кхел а йина, набахте чу а дахкуш,
паччахьийн а, куьйгалхойн а кара дӀа а луш, лелор
ду шу. 13 ТӀаккха царна тоьшалла дан йиш хир ю
шун. 14 ‡‡Хаа ду шуна, хьалхе дуьйна шаьш ала
дезачун ойла ма елаш. 15 Ас шуна лун долчу
дешнашна а, хьекъална а дуьхьало ян ницкъ
кхочур бац шун довхойн. 16 Дайша-наноша а,
вежарша а, гергарчара а, доттагӀаша а ямартло
йийр ю шуна, цхьаберш бойур а бу шух. 17 Сан цӀе
бахьана долуш цхьанна а дезар дац шу. 18 Амма
кхера ма кхералаш, шун кортош тӀера цхьа мас а
галъер яц. 19 Собаре хилахь, шайн синош
кӀелхьардохур ду аша».

### Ярушалайм йохор хиларх лаьцна

(Маттай 24:15-21; Марк 13:14-19)

20 «Ярушалайм эскарша го бина гича, хаалаш, и
йохо хан гергакхаьчна хилар. 21 ТӀаккха ЯхӀуд-
махкахь берш лаьмнашка бовда беза, гӀалахь берш
цу чуьра арабовла беза, гӀалина арахь берш чу ца
богӀуш совца беза, 22 ‡‡хӀунда аьлча уьш „таӀзаран
денош“ хир ду, Делан Йозанашкахь мел яздинарг
кхочушхилийтархьама. 23 Бокххачу баланехь хир бу
цу дийнахь доьзалхочух болу а, бераш дакхош болу
а зударий. Инзаре боккха бала буссур бу кху лаьтта
тӀе, Дела оьгӀазгӀур ву кху халкъана. 24 Дукха адам
туьро хьокхур ду, массо а мехкашка йийсаре дуьгур

† *20:28 Карлабаьккхинарг 25:5.* †† *20:37 Арадаккхар 3:6.*
‡ *20:42, 43 Забур 109:1.*

†† *21:14, 15 Лака 12:11, 12.* ‡‡ *21:22 ХӀушаӀ 9:7.*

ду. Ярушалайм кхечу къаьмнех болчара хьаьшна
латтор ю, шайн хан дIаяллалц».

### Адамийн КIант схьавар

(Маттай 24:29-31; Марк 13:24-27)

25 †«Малха тIехь, батта тIехь, седарчаш тIехь
тамашийна билгалонаш гур ю шуна.
Ловзабаьллачу хIордан тулгIенийн гIовгIано
кхерийна халкъаш дуьнен чохь сингаттамехь хир
ду. 26 Льатта тIе буссур болчу баланех кхоьруш, са
лоьцуш хир бу нах, стигалшкахь мел дерг
меттахдер йолу дела. 27 ††ТIаккха гур ву царна Шен
ницкъаца а, доккхачу сийлаллица а „мархи тIехула
вогIу *Адамийн КIант*“. 28 И хила доьлча, хьала а
гIовттий, шайн кортош хьалаайа, хIунда аьлча шун
кIелхьардахар герга кхаьчна».

### Комарийн дитт масална далош дина дустар

(Маттай 24:32-35; Марк 13:28-31)

29 Iийсас иштта масална цхьа дустар далийра
царна: «Хьовсал комарийн дитте а, массо кхечу
дитташка а. 30 Царна тIе гIаш девлча, хаьа шуна
аьхке герга кхаьчнийла. 31 Иштта ду кхузахь а, и
хIуманаш хила доьлча, хаа ду шуна *Делан Олалла*
гергга дуйла.
32 Бакъдерг боху шуьга: хIара адамийн тIаьхье
чекхъялале хир ду и дерриг а. 33 Стигаллий, латтий
къайладаьлча а, Сан дешнаш довр дац».

### Дийший ма Iахка

34 «Варелаш, тIехъюучу хIумане, маларе, дахаран
хьашташка шайн дегнаш дIа ма лецийталаш,
хIунда аьлча оцу дийно дIалоцур ду шу,
35 цIеххьана цхьаъ лаца йинчу кIелоно санна.
Дуьнен чуьра массо а адамна тIекхочур ду и де.
36 Гуттар а сема хила, доIанаш де, мел хила безаш
болчу баланех чекхдовла шайн ницкъ
хилийтархьама, Адамийн КIантана хьалха хIитта
кийча хилархьама».
37 ‡Дийнахь Iийсас Делан цIа долчу кертахь
хьехамаш бора, ткъа сарахь *Зайт-диттийн* лам тIе а
воьдий, цигахь буьйса йоккхура. 38 Iуьйранна
хьалхxе Цуьнга ладогIа адамаш догIура Делан цIа
льаттачу керта.

### Iийса вен бина болу барт

(Маттай 26:1-5; Марк 14:1, 2; Яхьъя 11:45-53)

22 ‡†Шех « *Пасахь*» олу совсазчу баьпкан деза де
дара тIекхочуш. 2 Динан коьрта дай а, Iелам
нах а аьтто лоьхуш бара Iийса хIаллакван, амма
уьш халкъах кхоьрура. 3 ТIаккха ЯхIудана-
Искархочунна чу *иблис* дуьйлира. ЯхIуд Iийсан
шийтта векалх цхьаъ вара. 4 Цо, динан коьртачу
дайшна а, Делан цIийнан гIаролхойн хьаькамашна
а тIе а вахана, Iийса царна дIаваларх лаьцна
къамел дира. 5 Самукъадаьлла, цунна ахча дала
барт хилира церан. 6 ЯхIуд иза схьаэца реза
хилира. Iийса царна дIавала аьтто лоьхура цо,
Цунна уллохь халкъ доцучу хенахь.

### Iийсас Шен мурдашца Пасахьан пхьор даа кечам бар

(Маттай 26:17-25; Марк 14:12-21; Яхьъя 13:21-30)

7 Совсазчу баьпкан деза де тIекхечира. Цу
дийнахь Пасахьан Iахар бен безаш бара – яа хIума
кечъян. 8 Iийсас Кипий, Яхьъяй вахийтира: «Ваха а
гIой, шиммо а вайна Пасахьана дууш долу
суьйренан пхьор кечде», – аьлла.
9 «Мичахь кечдан лаьа Хьуна иза?» – аьлла,
хаьттира цара.
10 Цо элира: «ГIала чу вулуш, кхаби чохь хи
дахьаш вогIу стаг дуьхьалкхетар ву шуна. Цунна
тIаьхxье иза вахханчу цIа чу гIо. 11 ХIусамдега эр ду
аша: „Устазо хоьтту: Шен мурдашца Пасахьан
суьйренан пхьор даа чоь мичахь ю?“ 12 Цо шуна
лакха тIехь кечйина йоккха чоь гойтур ю, цу чохь
кечам бийр бу аш».
13 Цара, дIа а бахана, Цо ма-бохху дерриг кара а
дина, Пасахьана кечам бира.

### Везачу Элан пхьор

(Маттай 26:26-30; Марк 14:22-26; 1 Коринтхошка 11:23-25)

14 Хан тIекхаьчча, Iийса а, Цуьнан векалш а
шуьнна гонах гулбелира. 15 Iийсас элира цаьрга:
«Сайн бала тIелацале, хIара Пасахьан Iахар чIогIа
шуьца баа лиъна Суна. 16 Ас боху шуьга: хIара
Пасахь Ас дуур дац, Иза Делан Олаллехь
кхочушхиллалц».
17 Iийсас, чагIаран кад схьа а эцна, доIанца цунах
баркалла а аьлла, элира: «Схьа а эций, шайна
юкъахь декъа хIара. 18 Ас боху шуьга: кемсех
даьккхина долу кхин цхьа а малар Аса мер дац,
Делан Олаллин де тIекхаччалц».
19 Цо, бепиг схьа а эцна, доIанца цунах баркалла а
аьлла, декъа а декъна, мурдашка дIаделира: «Сан
дегI ду хIара, шун дуьхьа дIалун долу. Со
дагалацархьама, иштта делаш». 20 ‡‡Шаьш пхьор
диина девлча, Iийсас, чагIаран кад схьа а эцна,
элира: «Шун дуьхьа Iанор долчу Сан цIийца бинчу
керлачу бертан кад бу хIара.
21 ‡‡†Суна ямарта волчун куьг а ду Сайчунна уллохь
стоьла тIехь. 22 Адамийн КIантаца хиндерг
билгалдаьккхина ма-хиллара хир ду, амма декъаза
ву Цунна ямарта верг».
23 ТIаккха уьш вовшашка хетта буьйлабелира,
Iийсана ямарта верг мила ву бохуш.

### Коьртаниг мила ву аьлла, дина къамел

24 ‡‡‡Цул тIаьхьа мурдаш къийса буьйлабелира,
шайна юкъахь коьртаниг мила ву аьлла. 25 Iийсас

† *21:25 ЕшаI-ЯхIу 13:10; Яхьазкхиал 32:7; Юал 2:31; Довзийтинарг 6:12, 13.* †† *21:27 Даниал 7:13; Довзийтинарг 1:7.* ‡ *21:37 Лака 19:47.* ‡† *22:1 Арадаккхар 12:1-27.*

‡‡ *22:20 Ярми-ЯхIу 31:31-34.* ‡‡† *22:21 Забур 40:10.*

элира цаьрга: «Кхечу къаьмнийн паччахьаша шайн адамаш тӀехь олалла до, Ӏедал карахь долу нах кхечарна комаьрша хета, 26 † ††амма шу иштта хир дац. Мелхо а, шуна юкъахь лакхара верг жиманиг санна хила, ткъа хьаькам верг – ялхо санна хила. 27 ‡Коьртаниг мила ву: стоьла улло хиина юуш верг я цунна оьшург тӀеяхьаш, гӀуллакх деш верг? Юуш верг вац? Ткъа Со шуна юкъахь ялхо санна ву.

28 Шу Сан массо а халонех Соьца чекхдевлла, 29 Ас олалла ло шуна, Сан Дас иза Суна ма-даллара. 30 ‡†Сан Олалла долчохь дууш а, молуш а хир ду шу Сан стоьла тӀехь. Исраилан халкъана юкъарчу шийтта тайпанна кхел а еш, шу паччахьийн гӀанташна тӀе охьаховшор ду Ас».

### Ӏийсас хьалхxе дӀахоуьйту Кипас Ша дӀатосург хилар

(Маттай 26:31-35; Марк 14:27-31; Яхьъя 13:36-38)

31 Везачу Эло элира: «Ва ШамӀа! Иблис шу, кӀа санна, дӀасакхийсина хила лууш ду, 32 амма хьох Ас доӀа дина, хьан Делах тешар лагӀ ца далийта. Ахь-айхьа, хьо Далла тӀе юхавирзича, хьайн вежарийн Делах тешар чӀагӀделахь».

33 Кипас жоп делира: «Эла! Со Хьоьца набахте ваха а, вала а кийча ву!» – аьлла.

34 Амма Ӏийсас элира: «Ас боху хьоьга, Кипа, тахана Ӏуьйранна нӀаьна кхайкхале, кхузза Сох дӀакъаьстар ву хьо, Со хьайна ца вевза аьлла».

### Бохча а, тӀоьрмаг а, тур а

35 ‡‡Юха Цо хьаьттира мурдашка: «Ас шу бохча а, тӀоьрмаг а, мачаш а йоцуш дахийтича, хӀумма а оьшурий шуна?»

«Ца оьшура», – элира цара.

36 «ХӀинца, шайн делахь, бохча а схьаэца, тӀоьрмаг а схьаэца, шайн тур дацахь, коч йохкий а, тур эца. 37 ‡‡†Яздина ду: „Иза зуламхойх дӀатуьйхира“. Ас боху шуьга: иза Соьца хир ду. Дерриг а Сох яздинарг хӀинца кхочушхуьлуш ду».

38 Цара элира: «Эла! Хьажахьа, тхоьгахь ши тур ду», – аьлла.

«Тоьар ду цунах лаьцна», – жоп делира Ӏийсас.

### Ӏийсас Зайт-диттийн лам тӀехь доӀа дар

(Маттай 26:36-46; Марк 14:32-42)

39 Гуттар а Ша ма-ваххара, *Зайт-диттийн* лам тӀе вахара Ӏийса. Мурдаш а бахара Цуьнца. 40 Шаьш дӀакхаьчча, Ӏийсас элира: «ДоӀа де, шаьш къилахь долчу лаамашна кӀел ца дисийта».

41 Ша а царна тӀулг кхоссал йолчу метте дехьа а ваьлла, гора а воьжна, доӀа дан хӀоьттира: 42 «Дада! Хьайн лаам белахь, и къаьхьа кад Суна юххехула чекхбаккхахьа! Делахь а, Сан лаамца доцуш, Хьан лаамца хуьлийла дерриг а». 43 Стигалара деанчу малико дог чӀагӀдира Цуьнан. 44 Халачу хьолехь кхин а чӀогӀа доӀа дан хӀоьттира Ӏийса. Цуьнан хьацар, цӀийн тӀадамаш санна, лаьтта оьгура.

45 ДоӀа дина а ваьлла, мурдашна тӀевахара Иза. ГӀайгӀано дог дохийна, гӀелбелла, бийшина Ӏохкуш карийра Цунна уьш. 46 «Шу дийшина хӀунда Ӏохку? – хаьттира Ӏийсас – ХьалагӀовтта, доӀанаш де, шаьш къилахь долчу лаамашна кӀел ца дисийта».

### Ӏийсана ямартло яр а, Иза схьалацар а

(Маттай 26:47-56; Марк 14:43-50; Яхьъя 18:3-11)

47 Ӏийсан къамел чекх ца даьллера, адамийн тоба гучуяьлча. Хьалха ваьлла вогӀура шийта векалан тобанан юкъахь хилла ЯхӀуд. Иза Ӏийсана тӀевеара – Цунна барт баккха. 48 Ӏийсас хаьттира: «ЯхӀуд, барт а боккхуш, ямарта волуш ву хьо Адамийн КӀантана?»

49 Ӏийсаца болчара, гӀуллакх муха ду а гина, хаьттира: «Эла, тарраш схьаэцა оха?» – аьлла. 50 Царах цхьаммо тур тоьхна динан коьртачу ден ялхочун аьтту лерг даьккхира.

51 Амма Ӏийсас элира: «Собар де, тоьар ду!» Цо, куьг Ӏоьттина, лерг тодира цу стеган.

52 Юха Ша лаца баьхкинчу динан коьрта дайшка а, Делан цӀийнан гӀаролхойн хьаькамашка а, баккхийчаьрга а элира Цо: «Талорхо лаца доьлхуш санна, таррашций, хьокханашций ара ма девлла шу! 53 ‡‡‡ХӀора дийнахь шайца Со Делан цӀийнан кертахь волуш, Суна тӀе куьг ма ца ойура аш. Амма хӀинца ерг шун хан ю, иблисан бодане ницкъ баьржина хан».

### Кипас Ӏийса дӀатасар

(Маттай 26:57, 58, 69-75; Марк 14:53, 54, 66-72; Яхьъя 18:12-18, 25-27)

54 Цара Ӏийса, схьа а лаьцна, динан коьртачу ден цӀа чу вигира. Кипа, царна гено тӀаьхьа а хӀоьттина, вахара. 55 Гулбелларш, кертахь цӀе а латийна, бохлуш хевшина Ӏаш бара. Кипа а вара царна юкъахь хиъна Ӏаш. 56 Цхьана йоӀана-ялхочунна гира иза цӀера юххехь Ӏаш. Леррина Кипе а хьаьжна, цо элира: «И стаг а вара Цуьнца».

57 Амма Кипас элира: «Зуда, суна ца вевза Иза».

58 Жимма тӀаьхьо цхьаммо, хӀара гина, элира: «Хьо а ву царах цхьаъ».

«ХӀан-хӀа, вац», – жоп делира Кипас.

59 Кхин цхьа сахьт хан яьлча, кхин цхьаммо а, тӀедожош, элира: «ХӀара билггала хилла Ӏийсаца, хӀунда аьлча хӀара а галилайхо ву».

60 Кипас дуьхьало йира: «Стаг, ахь хӀун дуьйцу ца хаьа суна», – аьлла.

Цуьнан къамел чекх а далале, нӀаьна кхайкхира. 61 Веза Эла, юха а вирзина, нийсса Кипина тӀе хьаьжира. ТӀаккха дагадеара цунна Везачу Элан дешнаш: «Тахана нӀаьна кхайкхале, Со кхузза

‡‡‡ *22:24 Маттай 18:1; Марк 9:34; Лака 9:46.* † *22:26 Маттай 23:11; Марк 9:35.* †† *22:25, 26 Маттай 20:25-27; Марк 10:42-44.* ‡ *22:27 Яхьъя 13:12-15.* ‡† *22:30 Маттай 19:28.* ‡‡ *22:35 Маттай 10:9, 10; Марк 6:8, 9; Лака 9:3; 10:4.* ‡‡† *22:37 ЕшаӀ-ЯхӀу 53:12.*

‡‡‡ *22:53 Лака 19:47; 21:37.*

дIатосур ву ахь». 62 Кипа, кертара ара а ваьлла,
доггах вилхира.

### ТIемалоша Iийсана ницкъбар

(Маттай 26:67, 68; Марк 14:65)

63 Iийса ларвеш болу нах Цунах боьлуш, Цунна
етташ бара. 64 Цара, Цуьнан бIаьргаш дIа а
боьхкий, тоха а тухий, хоттура: «Хьо пайхамар
велахь, дийцал, хьан тоьхна Хьуна?» 65 Кхин дуккха
а Иза сийсазвеш долу хIуманаш дуьйцура цара.

### Кхеташонехь барт хаттар

(Маттай 26:59-66; Марк 14:55-64; Яхьъя 18:19-24)

66 Iуьйранна хьалхxе шайн кхеташоне гулбелира
баккхий нах. Царна юкъахь бара динан коьрта дай
а, Iелам нах а. Уьш болчу валийра Iийса. 67 «Хьо
*Дала Леррина Къобалвинарг* велахь, нийсса тхоьга
схьаала», – бохура цара.
Iийсас элира: «Ас шуьга Со И ву алахь, шу тешар
дац. 68 Нагахь Ас шуьга хаттахь, аш а Суна жоп лур
дац. 69 Амма хIинца дуьйна дIа Адамийн КIант
Нуьцкъалчу Далла аьтту агIор хиъна Iийр ву».
70 Уьш массо а хетта буьйлабелира: «Хьо *Делан
КIант* ву ткъа?»
Цо жоп делира: «Аш шаьш а боху-кх Со ву».
71 ТIаккха цара элира: «Кхин хIун тоьшаллаш
оьшу кхузахь? Цуьнан багара схьадаьлла иза хези-
кх вайна!»

### Iийса Пулат волчу валаво

(Маттай 27:1, 2, 11-14; Марк 15:1-5; Яхьъя 18:28-38)

23 Цул тIаьхьа берриг а церан гулам, хьала а
гIаьттина, Iийса а эцна, Пулатана тIе бахара.
2 Цигахь Иза бехке ван хIиттира уьш: «Тхуна хIара
стаг нах карзахбохуш вуьйла хиъна. Кхо паччахьна
ял ма ло боху, Ша *Дала Леррина Къобалвинарг* ву
боху, ткъа иза паччахь ву бохург ду».
3 Пулата хаьттира Цуьнга: «Хьо жуьгтийн къоман
Паччахь ву?»
Iийсас жоп делира: «Ахь а боху-кх иза».
4 ТIаккха Пулата динан коьртачу дайшка а, халкъе
а дIахаийтира: «И стаг бехке ван цхьа а бахьана
дац сан».
5 Амма цара юх-юха а бохура: «Шен хьехамашца
халкъ берриг а ЯхIуд-махкахь меттахдаьккхина Кхо.
Вола Галилайхь волавелла, ткъа хIинца кхуза а
кхаьчна».

### Iийса ХIародана хьалха

6 И дешнаш а хезна, Пулата хаьттира: «ХIара стаг
галилайхо ву?» – аьлла. 7 Ткъа шена Iийса ХIародан
куьйга кIел болчу махкара вуй хиъча, цо Иза цу
хенахь Ярушалайме веана волчу ХIародана тIе
хьажийра. 8 Iийса гича, чIогIа самукъаделира
ХIародан, хIунда аьлча дукха хенахь дуьйна Иза
ган лууш ша волу дела. Цунна Iийсах лаьцна дукха
хIуманаш хезнера, цундела Цуьнгара цхьа
тамашийна болх ган лууш вара иза. 9 Цо Iийсага
дуккха а хеттарш дира, амма Вукхо цхьа а жоп ца
делира. 10 Динан коьрта дай а, Iелам нах а бара
цигахь, шайн ма-хуьллу Iийса бехке веш. 11 ХIарода
а, цуьнан тIемалоша а, бела а бийлина, доггах
Iийса сийсаз а вина, Цунна тIе дезачу, лепачу
кIадин оба а кхоьллина, Иза Пулат волчу
дIахьажийра. 12 ХIинццалц схьа ши мостагIа хилла
волу Пулат а, ХIарод а цу дийнахь ши доттагIа
хилира.

### Iийса вен кхел йо

(Маттай 27:15-26; Марк 15:6-15; Яхьъя 18:39–19:16)

13 Пулата динан дайшка а, хьаькамашка а, халкъе
а, схьа а кхайкхина, 14 элира: «ХIара стаг, халкъ
карзахдоккху аьлла, валийна аш суна тIе. Шуна
хьалха ас Цуьнга барт хаьттина, амма аш Цуьнан
бехк беш тIедожийнарг суна гучу ца дели.
15 ХIародана а ца карийна Цуьнан бехк болуш
хIумма а, цундела цо юхаваийтина Иза. Шуна ма-
гарра, Цо хIумма ца дина Иза вен бахьана хиллал.
16 Ас, вай деш ма-хиллара, шодмаш а еттийтина,
дIахоьцур ву Иза» †.
18 Амма массо а цхьаьний маьхьарий хьекха
буьйлабелира: «Ве Иза! Барраб тхуна схьахеца!» –
бохуш. 19 (ГIалахь нах карзахбахарна а, стаг верна а
чувоьллина вара Барраб.)
20 Пулата, Iийса дIахеца лууш, кхин цкъа а
хаьттира халкъе. 21 Амма хьоькхуш маьхьарий
дара: «ЖIарах дIатоха Иза! ЖIарах дIатоха Иза!» –
бохуш.
22 Пулата кхозлагIа а хаьттира: «ХIунда? Цо хIун
зулам дина те? Иза вен Цуьнгара даьлла цхьа а
хIума ца карийна суна. Ас шодмаш а еттийтина,
дIахоьцур ву Иза!»
23 Амма цара чIогIа маьхьарий хьоькхура, Иза
жIарах дIатоха бохуш. Церан маьхьарий бахьана
долуш, Пулат царна къарвелира. 24 Цо сацам бира
церан лаам кхочушбан. 25 Цара ма-деххара, стаг
вийна а, адам карзахдаьккхина а волу зуламхо дIа
а хецна, церан лаам кхочушбе аьлла, омра дира цо.

### Iийса жIарах дIатохар

(Маттай 27:32-44; Марк 15:21-32; Яхьъя 19:17-27)

26 Iийса дIавуьгучу хенахь тIемалоша шен кха
тIера вогIу Къуринара ШамIа цIе йолу цхьа стаг
схьалецира. ЖIаран бIогIам цуьнга ги а
боллийтина, Iийсана тIаьххье дIабахьийтира цара.
27 Iийсана тIаьхьа дукха адам догIура, царна
юкъахь Цунах къахеташ боьлху зударий а бара.
28 Цо, юха а вирзина, элира цаьрга: «Ярушалайман
йоIарий, Сох ма делха, шайх а, шайн берех а делха.
29 Цхьа хан йогIур ю наха олуш: „Ирс долуш бу бер
ца хуьлурш а, бер цкъа а даза берш а, цкъа а
дакхоза берш а“. 30 ††ТIаккха наха бохур ду
лаьмнашка: „Тхуна тIе эгийша!“ гунашка: „Тхо

† *Цхьадолчу тептаршна тIетоьхна ду Маркан тептар тIера (15:6) 17-гIа аят: *ХIора Пасахьан дезачу дийнахь*

дIахьулдейша!“ 31 ТIе гIа даьллачу къоначу диттаца
и болх беш хилча, декъачу диттах хIун хир ду?»
32 Iийсаца вен вуьгуш ши талорхо а вара.
33 «Туьта» олучу метте схьабаьхкира уьш. Цигахь
Iийса жIарах дIатуьйхира, ши талорхо а – цхьаъ
Цунна аьтту агIор, важа аьрру агIор дIатуьйхира.
34 †Iийсас бохура: «Дада, гечдехьа кху адамашна,
шаьш хIун деш ду ца хаьа-кх кхарна».
ТIемалоша, кхаж а тосуш, Iийсан тIеюху хIуманаш
йийкъира. 35 ††Нах, дIа а хIиттина, хьоьжуш
лаьттара. Хьаькамаш Цунах боьлура: «Кхиберш
кIелхьарбохура Цо! ХIинца Ша кIелхьарваккха,
нагахь Иза Дала леррина Къобалвинарг велахь!»
36 ‡ТIемалой а бара уллохь лаьтташ, бела а
боьлуш. Цара Iийсага кемсийн къонза кховдийра:
37 «Хьо кIелхьарваккха, нагахь Хьо жуьгтийн
къоман Паччахь велахь!» – аьлла.
38 Iийсана тIехула дIатоьхначу уьнна тIехь яздина
дара: «ХIара жуьгтийн къоман Паччахь ву», –
аьлла.
39 ЖIарах дIатоьхначу цхьана талорхочо Iийса
сийсазвеш бохура: «Хьо Дала Леррина
Къобалвинарг вац? Хьуо а, тхо а кIелхьардаха!»
40 ШолгIачо шен накъост сецавора: «Делах ца
кхоьру хьо? Изза таIзар дац хьуна динарг а?
41 Вайшинна дина таIзар нийса, догIуш дина ду,
ткъа кху стеган цхьа а бехк бац». 42 Цо элира
Iийсага: «Iийса, со дагаваийталахь, Айхьа Хьайн
Олалла кхочушдеш».
43 ТIаккха Iийсас элира цуьнга: «Билггала боху
хьоьга: тахана Соьца ялсаманехь хир ву хьо».

## Iийса кхалхар

(Маттай 27:45-56; Марк 15:33-41; Яхьъя 19:28-30)

44 Дийнан делкъахан еара. Лаьтта тIе цIеххьана
бода беара, иза кхаа сахьтехь лаьттира. 45 ‡†Малх
лаьцнера. Делан цIийнан уггар езачу чоьнна
дуьхьал оьллина долу кирхьа юккъехула
декъаделира. 46 ‡‡Iийсас чIогIа мохь туьйхира:
«Дада! Сайн са Хьан кара дIало Ас!» Иза а аьлла,
Iийса кхелхира.
47 Дерриг иза гиначу тIеман хьаькамо, Далла
хастам а бина, элира: «И стаг билггала Делан
лаамехь вара!»
48 Хьовса баьхкина нах, дерриг а хилларг гича,
чIогIа халахеташ, гIайгIанца некха тIе куьйгаш а
детташ, юхабирзира. 49 ‡‡†Амма Iийса вевзарш,
Галилайра дуьйна Цунна тIаьхьа баьхкина зударий
а тIехь, геннара хьоьжуш лаьттара.

## Iийса дIаволлар

(Маттай 27:57-61; Марк 15:42-47; Яхьъя 19:38-42)

50 Юсуп цIе йолуш цхьа стаг вара цигахь. Иза
кхеташона юкъахь а волуш, Делан лаамехь, дика
стаг вара. 51 Цо Iийсана йина кхел къобал ца
йинера. ЯхIуд-махкахь йолчу Рамат цIе йолчу
гIалара вара иза. *Делан Олалла* тIекхачаре
сатуьйсура цо. 52 Пулат волчу а веана, Iийсан дакъа
схьадийхира Юсупа. 53 Цо дакъа, жIара тIера схьа а
даькккхина, кIади юкъа а хьарчийна, ломах
яьккхинчу къубба чу диллира. Цу къубба чу цхьа а
дакъа диллаза дара. 54 Иза пIераскан де дара –
Далла лерина шоьтан денна кечам бо хан
тIейогIуш яра.
55 Галилайра дуьйна Iийсаца баьхкина зударий а
бахара Юсупна тIаьхьа. Iийсан дакъа къубба чу
дуьллуш гира царна. 56 ‡‡‡Цара, цIа а баьхкина, хаза
хьожа йогIу даьтта а, хьакхарш а кечдира. Шайна
тIедиллина ма-хиллара, Далла леринчу шоьтан
дийнахь садаьIира цара.

## Iийса веллачуьра денвалар

(Маттай 28:1-10; Марк 16:1-8; Яхьъя 20:1-10)

24 Iуьйранна хьалхе, сатосучу хенахь,
кIиранан хьалхарчу дийнахь, шаьш кечдина
хьакхарш а эцна, зударий къубба йолчу бахара.
2 Къуббанна тIетовжийна тIулг дIакарчийна
карийра царна. 3 Чоьхьа бевлча, царна Iийса-Элан
дегI ца карийра. 4 Юха, уьш цецбевлла лаьттачу
хенахь, царна хьалха хIоьттира къегаш духар
дуьйхина ши стаг. 5 Кхерабелла, бертал ийгира
зударий. Шина стага элира цаьрга: «Дийнаниг
беллачарна юкъахь хIунда лоьху аш? 6 §Иза кхузахь
вац, Иза денвелла! Дагадаийта Ша Галилайхь
волуш Цо шуьга аьлларг: 7 „*Адамийн КIант* къинош
летийначу нехан кара дIалур ву, жIарах дIа а тухур
ву, амма кхозлагIчу дийнахь денлур ву“».
8 ТIаккха царна дагадеара Iийсан и дешнаш.
9 Къубба йолчуьра юха а баьхкина, и дерриг
цхьайтта векална а, кхечу мурдашна а дийцира
цара. 10 Шайна гинарг векалшна дуьйцучаьрца
бара Магдалера Марем а, Яхьани а, Якъубан нана
Марем а, кхиболу зударий а. 11 Амма зударша
дийцинчух цхьа а ца тийшира. Церан дешнаш
даьсса хийтира. 12 Ткъа Кипа, хьалагIаьттина, ведда
къубба йолчу вахара. Чухьаьжначу цунна ша-ша
яьхна Iохкуш кIадинан кескаш карийра. Иза
юхавеара, хиллачух чIогIа цец а вуьйлуш.

## Iаммас-эвла боьдучу новкъахь.

(Марк 16:12, 13)

13 Цу дийнахь цигахь хиллачех ши стаг вара
Ярушалаймера цхьайтта *чаккхарма* генахь йолчу
Iаммас-эвла воьдуш. 14 Цу шиммо оцу хиллачу
хIуманех лаьцна дуьйцура. 15 Юха и шиъ къамел
деш схьавогIуш, тIевеана Iийса цаьрца
дIаволавелира. 16 Дала цу шина стагана Iийса ца
вовзийтира. 17 Iийсас хаьттира цаьрга: «ХIун
дуьйцуш ву шуьшиъ новкъахула вогIуш?»

*чубоьхкинчарах цхьаъ арахеца везаш вара Пулат.** †† 23:30 ХIушаI 10:8; Довзийтинарг 6:16. † 23:34 Забур 21:19. †† 23:35 Забур 21:8. ‡ 23:36 Забур 68:22. ‡† 23:45 Арадаккхар 26:31-33. ‡‡ 23:46 Забур 30:6. ‡‡† 23:49 Лака 8:2, 3.*

*‡‡‡ 23:56 Арадаккхар 20:10; Карлабаьккхинарг 5:14. § 24:6, 7 Маттай 16:21; 17:22, 23; 20:18, 19; Марк 8:31; 9:31; 10:33, 34; Лака 9:22; 18:31-33.*

Важа шиъ сецира, гIайгIане яххьаш а йина. [18] Царах цхьамма, цуьнан цIе Кхалайп яра, элира: «Хьо, схьагарехь, Ярушалаймехь цхьаъ ву-кх хIокху деношкахь хIун ду ца хууш виснарг?»

[19] «Ткъа хIун хилла?» – хьаьттира Iийсас.

«Назартарчу Iийсаца доьзна хилларг, – жоп делира цара. – Иза пайхамар вара. Далла а, массо адамна а хьалха нуьцкъала Устаз а, инзаре хIуманаш Дийриг вара И. [20] Динан коьртачу дайша а, тхан хьаькамаша а вен кхел а яйтина, жIарах дIатохийтира Иза. [21] Тхо чIогIа тешна дара Цо Исраил-мохк ПаргIатбоккхург хиларх. Цу тIе, хIинца кхозлагIа де а ду и дерриг а хилла. [22] Амма тхуна юкъара цхьаболчу зударша цецдаьхна тхо. ХIокху Iуьйранна хьалххе, сатосучу хенахь, къубба йолчу бахача, [23] Iийсан дегI ца карийра царна. Схьабаьхкинчу цара дийцира тхуна, шайна хьалха цхьана суьртехь хIиттинчу маликаша Иза дийна ву боху аьлла. [24] Цул тIаьхьа тхан накъостий бахара уьш хиллачу къубба тIе, зударша ма-дийццара карийра дерриг а, амма Iийса царна цигахь ца гира».

[25] ТIаккха Iийсас элира шина некъахочуьнга: «Ма сонта ду шу! Ма сиха дац шун дегнаш дерриге а пайхамарша дийцинчух теша! [26] *Дала Леррина Къобалвинарг* Ша болу баланаш лан дезаш вац, Шен сийлалле кхачархьама?» [27] Муса-пайхамарна тIера дIаволавелла, массо а пайхамарша Шех лаьцна *Делан Йозанаш* тIехь аьлларг царна дийцира Iийсас.

[28] Уьш цхьана юьрта йисте кхаьчча, Iийсас Ша кхин а дIаваха воллу сурт хIоттийра. [29] Амма цара дехарш дира Цуьнга: «Тхоьца сацахьа, де суьйренгахьа а лестинера», – аьлла. Iийса цаьрца сацархьама цIа чу вахара. [30] ХIума яа буьйлалуш Иза бепиг, схьа а эцна, доIанца цунах баркалла а аьлла, декъа а декъна, цаьрга дIакховдо вуьйлира. [31] Дала цу шина стагана Iийса вовзийтира. Амма Iийса царна ца гуш хилира. [32] Уьш вовшашка хетта буьйлабелира: «Вай новкъа догIуш, къамел деш а, Цо Делан Йозанан маьIна дуьйцуш а дегнаш айаделла догуш дацара вайн?» – бохуш.

[33] Сихха хьалагIаьттина, и шиъ Ярушалайме вахара. Цигахь царна гулвелла цхьайтта векал а, цаьрца берш а карийра. [34] Векалша дийцира: «Веза Эла билггала денвелла! Иза ШамIина хьалха хIоьттинера!»

[35] Юха кху шиммо дийцира шайца новкъахь хиллачух а, Цо бепиг кагдечу хенахь, шайна Iийса вовзарх а лаьцна.

## Денвелла Iийса мурдаш болчу вар

(Маттай 28:16-20; Марк 16:14-18; Яхьья 20:19-23; Векалийн 1:6-8)

[36] Церан къамел чекх а ца даьллера, Iийса, Ша царна юкъа а веана: «Машар хуьлда шуьца», – аьлла, вистхилча.

[37] Уьш, кхерабелла, дIасевцира, шайна гуш дерг гIаларт ду моьттуш. [38] Ткъа Цо бохура: «Шу кхера хIунда делла? Шеко хIунда йогIу шу дегнаш чу? [39] Хьовсал Сан куьйгашка а, Сан когашка а. ХIара Со ву! Куьг Iоттал Сох, схьахьовсал. ГIалартан дегI а, даьIахкаш а ца хуьлу, ткъа Сан, шуна ма-гарра, дегI ду».

[40] Иза а аьлла, Цо Шен куьйгаш а, когаш а гайтира. [41] Амма уьш цецбевлла а, хазахетта а ца тешара гучух. ТIаккха Iийсас хьаьттира: «Яа хIумма а юй шун?» [42] Цара беттина чIара белира Цунна. [43] Цо, схьа а эцна, биира иза царна хьалха.

[44] «ХIара дара Ас шуна дийцинарг Со шуьца волчу хенахь, дерриг а Сох лаьцна Мусан товратана тIехь а, кхечу пайхамарийн тептарш тIехь а, Забурана тIехь а яздинарг кхочуш ца хилча ца долу», – элира Цо.

[45] Цул тIаьхьа церан хьекъал кIаргдира Цо, Делан Йозанах уьш дика кхетийтархьама. [46] Цо элира цаьрга: «Яздина ду, Дала Леррина Къобалвинарг бала лан а, веллачуьра кхозлагIчу дийнахь денвала дезаш а ву аьлла. [47] Цуьнан дуьхьа массо а халкъашка, Ярушалайм тIера дIадуьйладелла, кхайкха деза, къиношна гечдайтархьама дохко а довлий, Далла тIедерза аьлла. [48] Шу оцу хIуманийн тешаш хилла дIахIуьттур ду. [49] †Сан Дас лур ду аьлларг Ас дIакхочуьйтур ду шуна, амма, лакхара шайна чу ницкъ боссалц, шу гIалахь совца деза».

## Iийса стигала хьалаваккхар

(Марк 16:19, 20; Векалийн 1:9-11)

[50] ††Цаьрца Ярушалаймера ара а ваьлла, Бет-ХIине кхаччалц дIавахара Иза. Куьйгаш хьала а айина, уьш декъалбира Цо. [51] Юха, уьш декъал а беш, царна гена а волуш, стигала хьалаваьккхира Иза. [52] Мурдаш, Цунна сужде а бахана, корта а тоьхна, доккхачу хазахетарца Ярушалайме юхабаьхкира. [53] Цу дийнахь дуьйна, Далла хастамаш беш, гуттар а Делан цIийнан кертахь бара уьш.

---

† *24:49 Векалийн 1:4.* †† *24:50, 51 Векалийн 1:9-11.*

# Яхьъя

### Дешхьалхе

тIехь «адам а хилла, вайна юкъахь Iийна волу» Iийса, Делан хедар доцу Дош дуйла, гойту яздархочо. Тептара тIехь ма-дийццара, хIара хаза кхаъ дIаязбинера, Iийса вогIур ву аьлла КIелхьардахархо а, Делан КIант а хилар дешархой тешийтархьама а, иштта, Цунах теша а тешна, Цуьнан цIарах шайн бакъдолу дахар хилийтархьама а (20:31).
Iийса а, хедар доцу Делан Дош а цхьаъ хилар гойтуш долу тептаран дIадолор (1 корта) чекхдаьлча, хьалхарчу декъехь (2–12 кортош) тайп-тайпанчу тамашийначу хIуманашкахула Iийса КIелхьардахархо а, Делан КIант а хиларх лаьцна дуьйцу. Цул тIаьхьа, цхьадолчу къамелашкахь, тамашийначу билгалонашкахула гойтуш дерг кхетош ду. Цхьаберш, Iийсах а тешна, Цуьнан мурдаш хиларх а, ткъа вуьш, Цунна дуьхьал а бевлла, Цунах цатешарх а лаьцна ду тептаран и дакъа. Тептаран 13–17 кортош тIехь Ша лоцучу буьйсанна Шен мурдашца Iийса кIорга юкъаметтиг хиларх а, Ша жIарах дIатохале, Цо уьш кечбеш а, иракарахIиттош а къамел дарх а лаьцна дуьйцу. Дерзош долчу тептаран кортош тIехь Iийса лацарх а, Цунна кхел ярх а, Иза жIарах дIатохарх а, юха Иза денваларх а, Шен мурдашна хьалха Иза хIоттарх а яздина ду.
Боьха лелаш схьалаьцначу зудчух долу дийцар (8:1-11) къовларш юкъа лаьцна ду, хIунда аьлча хьалха хиллачу тептаршна а, гочдаршна а тIехь цунах лаьцна хIумма а дац, ткъа цхьадолчу тептарша и дийцар кхечу меттехь даладо.
боху, Дала леррина къобалвинчу Iийсагахула долу хедар доцучу дахаран совгIат, хIинца схьа а деана, Iийса – Иза некъ а, бакъдерг а, дахар а хиларх тешначаьрга кхочур ду. цхьа тамашийна билгало ю, денна хуьлуш а, лаьтташ а долу хIуманаш: хи а, бепиг а, серло а, Iу а, цуьнан уьстагIий а, кемсан таьлланг а, цуьнан стом а лаккхарчу синан мехаллица гайтар.

### Дашах адам хилира

1 Юьхьанца Дош дара.
И Дош Делехь дара.
И Дош Дела дара.
2 И Дош юьхьанца Делехь дара.
3 Дерриг а Дала цу Дашехула кхолла а кхоьллина,
И доцуш, кхоьллинчух хIумма а ца кхоьллина.
4 Бакъдолу дахар Цунна чохь а дара,
и дахар адамашна серло а яра.
5 И серло боданехь къега.
Бодано и серло эша а ца йина.
6 [†]Дала цхьа стаг ваийтира,
цуьнан цIе Яхьъя яра.
7 Иза цу Серлонах тоьшалла дан веанера,
цуьнгахула цу Серлонах массо а адам тешийтархьама.
8 Яхьъя ша Серло яцара,
ткъа иза Серлонна тоьшалла дан ваийтина вара.
9 И бакъйолу Серло дуьнен чу йогIуш яра,
Цо муьлхха а адам серла а доккху [††].
10 Дуьненна юкъахь а дара и Дош,
Цуьнгахула дуьне а кхолладеллера,
амма дуьнен чуьра адамашна И ца девзира.
11 Шен махка веара Иза,
ткъа шечара а И тIе ца ийцира.
12 Ткъа, Ша тIе а эцна, Шех тешаш болчарна
Делан бераш хила бакъо елира Цо.
13 Уьш я цIийх а, я дегIан лаамца а,
я стеган лаамца а хилла боцуш, Делах хилла бу.
14 Дашах адам а хилира,
Иза адамашна юкъахь Iаш а дара.
ТIаккха тхуна гира Дас Шен цхьаъ бен воцучу КIантана делла олаллин нур.
Иза диканах а, бакъдолчух а вуьзна а вара.
15 Яхьъяс [‡], Цунах лаьцна тоьшалла а деш,
кхайкхадо: «ХIара ву ас шуна вийцинарг: „Сол тIаьхьа ВогIург, сол лакхара а хилла, дIахIоьттина, хIунда аьлча Иза сол хьалха а волуш вара“».
16 Иза бакъдолчух а, диканах а вуьззина волу
дела, вай саццаза схьаоьцура Цуьнан дикалла.
17 ХIунда аьлча товрат-хьехамаш Муса-

† *1:6 Маттай 3:1; Марк 1:4; Лака 3:1, 2.*

†† *Я иштта: *И бакъйолу серло яра, муьлхха а дуьнен чу догIу адам серла а доккхуш.** ‡ *Яхьъя *– нах хих чекхбахийта Дала ваийтина Яхьъя ву иза. Делера болу хаза кхаъ дIаязбинарг изза цIе йолу кхин стаг ву.**

пайхамарехула белла бара, ткъа Делера долу
бакъдерг а, дика а Дала леррина къобалвинчу
Iийсагахула деана ду. 18 Дела цхьанна а, цкъа а гина
вац. Ткъа Шен Деца волчу, цхьаъ бен воцучу КIанта
† беана Делах болу кхаъ, Иза вайна вовза а
вовзуьйтуш.

### Яхьъя-пайхамаро Iийсах лаьцна тоьшалла дар

(Маттай 3:1-12; Марк 1:1-8; Лака 3:1-18)

19 Ярушалаймера динан куьйгалхоша
бахкийтинчу динан дайша а, Леви цIе йолчу
тайпанан, *Делан цIа* чохь болх беш болчу наха а
Яхьъяга хаттар дира: «Хьо мила ву?» – аьлла.
20 Яхьъяс иштта тоьшалла дира, шен дашна тIера
юха а ца волуш, ма-дарра дIа а олуш: «Со *Дала
леррина Къобалвинарг* вац».
21 ††Цуьнга юха а хаьттира: «Ткъа хьо мила ву?
Эли-ЯхIу-пайхамар вуй хьо?»
«И вац со».
«Делахь билггала ван веза пайхамар ву хьо?»
«Вац», – аьлла, жоп делира Яхьъяс.
22 ТIаккха цара элира Яхьъяга: «Ткъа хьо мила ву,
дийцахьа тхуна, тхаьш хьуна тIе хьовсийначаьрга
жоп далархьама. Хьайх лаьцна хIун олу ахь?»
23 ‡Яхьъяс жоп делира ЕшаI-ЯхIу-пайхамаран
дешнашца:
«Яьссачу аренгахь кхойкхучун аз ду со:
„Везачу Элана хьалхара некъ нисбе“».
24 Ткъа Яхьъяна тIебахкийтинарш парушхойх
бара. 25 ТIаккха цара хаьттира Яхьъяга: «Хьо я Дала
леррина Къобалвинарг а ца хилча, я Эли-ЯхIу а, я
билггала ван веза пайхамар а воццушехь, нах хих
чекх хIунда боху ахь?»
26 Яхьъяс жоп делира цаьрга: «Ас шу хих чекхдоху.
Амма шуна юкъахь лаьтташ Хьенех ву, шуна
вевзаш воцу. 27 Иза сол тIаьхьа вогIуш велахь а, со
Цуьнан мачийн бахтарш дIадаста а хьакъ долуш
вац».
28 И дара Йордан-хин дехьа агIор йолчу Бет-ХIина
олучу меттигехь, Яхьъяс нах хих чекхбохучохь.

### Делан Iахар

29 ШолгIачу дийнахь, шена тIевогIу Iийса а гина,
Яхьъяс элира: «Хьажал, ХIара Дала, кху дуьненара
адамийн къинош тIе а лаьцна, уьш дIадахьа
байитина Iахар бу. 30 ХIара ву ас Шех лаьцна
аьлларг: „Сол тIаьхьа вогIуш волу Стаг сол а
лакхара ву, хIунда аьлча Иза сол хьалха волуш
вара“. 31 Суна а билггала ца вевзара Иза. Амма Иза
исраилхошна вовзийтархьама, веанера со, нах хих
чекхбохуш».
32 Яхьъяс, тоьшалла а деш, элира: «Суна Делан Са
гира кхокханан суьртехь стигалара доьссина, и Са
Цунна тIехь дисира. 33 Цкъа хIинццалц суна а
билггала ца вевзара Иза, амма со нах хих чекхбаха
вайитинчу Дала элира соьга: „Делан Са а доьссина,
Иза Шена тIехь дуьсуш гун верг хир ву хьуна цу
Делан Синах адамаш дузон верг“. 34 И суна ган а
гира, ас тоьшалла а до Иза *Делан КIант* хиларх».

### Iийсан дуьххьарлера мурдаш

35 И хиллачу шолгIачу дийнахь Яхьъя юха а
лаьтташ вара шен мурдех волчу шинца.
36 ТIехволучу Iийсага а хьаьжна, Яхьъяс элира:
«ХIара бу Дала байитина Iахар».
37 Цуьнан и дешнаш а хезна, Яхьъян ши мурд
Iийсана тIаьхьахIоьттира. 38 Юха а хьаьжна, и ши
мурд Шена тIаьхьавогIу а гина, Iийсас хаьттира
цаьрга: «Шуна хIун оьшу?»
Цара элира: « *Рабби*!», (Иза «Устаз!» бохург ду),
«Хьо мичахь Iаш ву?»
39 Iийсас оцу мурдашка элира: «Соьца дIа а
дуьйлий, хьовса».
Мурдаш Цуьнца бахара. Царна гира И мичахь
вехаш ву. И де Iийсаца даьккхира цара. ДоьалгIа
сахьт ‡† доладеллера цу хенахь. 40 Яхьъян дешнаш а
хезна, Iийсана тIаьхьахIоьттинчу шиннах цхьаъ
Iандар вара. Иза вара ШамIа-Кипин ваша.
41 Iандара, цу сохьта шен ваша ШамIа схьа а лехна,
элира цуьнга: «Тхуна Машахь карийна». (Иза «Дала
леррина Къобалвинарг» бохург ду.)
42 Iандара шен ваша ШамIа Iийсана тIевалийра.
Iийсас, ШамIе а хьаьжна, элира: «Хьо Юнусан кIант
ШамIа ву-кх. Хьох хIинца „Кипа“ эр ду». (Иза « *тарх*»
бохург ду.)

### Пилапах а, НатунаIилах а Iийсан мурдаш хуьлу

43 ШолгIачу дийнахь Iийсана Галилай-махка ваха
лиира. Iийсас, Пилап схьа а лехна, цуьнга элира:
«Суна тIаьхьахIотта».
44 Пилап а вара Iандар а, Кипа а схьаваьлла волчу
Бет-Саида-гIалара. 45 НатунаIил схьа а лехна,
Пилапа элира цуьнга: «Мусас товрат тIехь бинчу
хьехамашкахь а, пайхамарша яздинчу тептарш
тIехь а вийцина Хилларг карийна тхуна. Иза ву
Юсупан кIант Iийса, Ша Назарт-гIалара схьаваьлла
волу».
46 Ткъа НатунаIила элира: «Назартера цхьа а дика
хIума дала а даьллий те?»
Пилапа жоп делира: «ГIой, хьо-хьуо хьажа», –
аьлла.
47 ‡‡Шена тIевогIу НатунаIил а гина, Iийсас элира:
«ХIара ву-кх шеца мекарло а йоцу бакъволу
исраилхо».
48 НатунаIила хаьттира Iийсага: «Со мичахула
вевза Хьуна?»
Iийсас жоп делира цуьнга: «Хьо инжиран дитта
кIел Iаш волуш, Пилап хьоьга кхайкхале дуьйна а,
Суна хьо гуш а вара, вевзаш а вара».

† *Ткъа Шен Деца волчу, цхьаъ бен воцчу КIанта *– кхечу тептарш тIехь: *Ткъа Дела верриг а волу, Цуьнгахьа а волу, Цуьнан цхьаъ бен воцчу КIанта.** †† *1:21 а: Малъаки 4:5; б: Карлабаьккхинарг 18:15, 18.* ‡ *1:23 ЕшаI-ЯхIу 40:3 (Грекийн).*

‡† *ДоьалгIа сахьт *– Грекийн маттахь: *уьтталгIа сахьт. *Цу заман чохь хан ялх сахьт даьллачу хенахь дуьйна лорура.** ‡‡ *1:47 Доладалар 32:28.*

49 НатунаIила элира Iийсага: «Рабби! Хьо Делан
КIант ву-кх. Хьо ву-кх Исраилан халкъан Паччахь».
50 Iийсас элира цуьнга: «Ас хьо инжиран дитта
кIел гина аларна тийши хьо Сох? Кхин а, цул тIех
гIуллакхаш а гур ду хьуна». 51 †Кхин а элира Iийсас:
«Баккъалла а боху Ас шуьга: ДIаеллаелла стигалш
а, *Адамийн КIант* волчу Суна тIе охьадуьссуш а,
хьаладуьйлуш а Делан маликаш а гур ду шуна».

### Кхана-юьртахьа зуда ялийна меттиг

2 ТIаккха кхоалгIачу дийнахь Галилай-махкара
Кхана-юьртахь зуда ялош хIоттийна той дара.
Iийсан нана а яра цигахь. 2 Цига кхайкхина бара
Iийса а, Цуьнан мурдаш а. 3 ТIаккха, той дIа а
дохале, чагIар чекхдолу а гина, Iийсан нанас элира
Цуьнга: «ЧагIар чекхдели-кх кхеран».
4 Ткъа Iийсас элира: «Нана, Суна тIе хIунда дуьллу
ахьа и гIуллакх? Сан хан хIинца а тIеэана яц».
5 ТIаккха ялхошка нанас элира: «Цо шайга де
аьлларг дерриг а де».
6 Цигахь лаьтташ тIулгах йина ялх кхаба яра. Цу
кхабанаш чу иттех-пхийттех саьхьан барам хиллал
хи тарлора. Жуьгташа куьйгийн цIанонна а, юург
лелочу пхьегIашна а лелош дара и хи. 7 Iийсас
ялхошка элира: «И кхабанаш хих юза». Цара уьш
тIеххалц хих юьзира. 8 ТIаккха кхин а элира Iийсас
цаьрга: «Кхаби чуьра чагIар а доттий, иза той
дIакхоьхьуш волчуьнга кховдаде». Ялхоша чагIар
тIедаьхьира. 9 Той дIахьочо чагIарх чам баьккхира.
Ткъа и чагIар хих даьккхина дуй ялхошна бен ца
хаьара. ТIаккха той дIахьочо зудаялийнарг шена
тIекхайкхира. 10 Зудаялийначуьнга цо элира:
«Массара а хьалха дика чагIар ло мала, ткъа нах
бехначул тIаьхьа воniг ло. Ахь дика чагIар
хIинццалц ма-латтийна?»
11 Иштта Галилай-махкара Кхана олучу юьртахь
дIадолийра Iийсас тамашийначу гIуллакхийн
билгалонаш гайтар. Шен Делера болу олаллин
ницкъ гайтира Цо, тIаккха тийшира Iийсах Цуьнан
мурдаш. 12 ††Цул тIаьхьа Iийса Къапарнаме веара.
Цуьнан нана а, Цуьнан вежарий а, Цуьнан мурдаш
а баьхкира Цуьнца цига. Масех де даьккхира цара
цигахь.

### Делан цIийнан керт цIанъяр

13 ‡« *Пасахь*» олу жуьгтийн деза де тIедогIуш дара.
ТIаккха Iийса Ярушалайме веара. 14 Делан цIийнан
керта веача, цигахь Iийсана гира стерчий а,
уьстагIий а, кхокхарчий а духкуш берш. Ахчанаш
хуьйцуш берш а бара цу кертахь хиъна Iаш.
15 ТIаккха тIийрагех муш а бина, уьш массо а
аралаьхкира Iийсас шайн уьстагIашца а,
стерчашца а. *ГIопастанаш* дIа а карчийна, ахча
хуьйцучеран ахчанаш а охьаэгийра Цо.
16 Кхокхарчий духкучаьрга а элира Iийсас: «ДIадаха
хIорш кхузара! Ма диэ Сан Ден цIийнах
йохкаэцаран цIа!»
17 ‡†ТIаккха Iийсан мурдашна *Делан Йозанаш* тIехь
яздинарг дагадеара: «Хьан цIийне болчу хьагамо
Сан кийра багабо».
18 Цунна дуьхьал динан куьйгалхоша элира
Iийсага: «Иштта хIума дан хьайн олалла дуй
хоуьйтуш хIун тамашийна билгалонаш гойтур яра
Ахь тхуна?»
19 ‡‡Iийсас жоп делира царна: «Аш хIара *Делан цIа*
дохаде, ткъа Ас кхаа дийнахь дина дIахIоттор ду
иза», – аьлла.
20 ТIаккха динан куьйгалхоша элира Цуьнга:
«ХIара Делан цIа шовзткъе ялх шарахь дина
дIахIоттийна, ткъа Ахь кхаа дийнахь дIахIоттор ду
иза?»
21 Амма Iийсас Делан цIийнах лаьцна бохург Шен
дегIах лаьцна бохург дара. 22 Iийса веллачуьра
денвича, Цуьнан мурдашна Цо аьлла и дешнаш
дагадеара. ТIаккха тийшира уьш Делан Йозанех а,
Iийсан дашах а.

### Iийсана массо а адам девза

23 Пасахьан дезачу дийнахь, Iийса Ярушалаймехь
волуш, Цо деш долчу тамашийначу гIуллакхийн
билгалонаш а гина, дукхахберш тийшира Цунах.
24 Амма Iийсас Ша цхьанна а кIорггера ца
вовзуьйтура, хIунда аьлча Цунна уьш берриш
бевзаш а бара, церан дегнаш гуш а дара.
25 Цундела Iийсага цхьана а адамах лаьцна
тоьшаллаш дан оьшуш дацара. Цунна Шена хаьара
адамна чохь дерг.

### Iийса а, Нукха-Деми а

3 Нукха-Деми цIе йолу парушхойх цхьа стаг
вара. Жуьгтийн коьртачу кхеташонан
декъашхо вара иза. 2 Нукха-Демис, буьйсанна Iийса
волчу а веана, элира Цуьнга: « *Рабби*! Хьо Дала
ваийтина устаз вуй хаьа тхуна. ХIунда аьлча шеца
Дела ца хилча, цхьаьнгге а гайталур яц и Ахь
гойтуш йолу тамашийначу гIуллакхийн
билгалонаш».
3 Iийсас жоп делира цуьнга: «Баккъалла а боху Ас
хьоьга, адам юха шолгIа ца кхолладелча, хаалур
дац цунна *Делан Олалла*».
4 Нукха-Демис элира Iийсага: «Цкъа къанделла
адам шолгIа муха кхоллалур ду? Юха шен ненан
кийра а ваьлла, кхоллавала-м ца веза иза?»
5 Iийсас жоп делира: «Баккъалла а боху Ас хьоьга,
нагахь санна адам хих а, Делан Синах а кхолла ца
делча, тIелоцийла дац цуьнан Делан Олалла.
6 Адамийн бераш адамех хуьлу, ткъа Делан бераш
Делан Синах бен ца хуьлу. 7 Хьо цец ма вала Ас
хьайга аьллачух: „Шун шолгIа кхолладала деза“, –
аьлла. 8 Делан Са мох санна ду. Иза шена

† *1:51 Доладалар 28:12.* †† *2:12 Маттай 4:13.* ‡ *2:13 Арадаккхар 12:1-27.*
‡† *2:17 Забур 68:10.* ‡‡ *2:19 Маттай 26:61; 27:40; Марк 14:58; 15:29.*

луъучухула лела. Механ гІовгІа хеза, ткъа иза
мичара богІу а, мича боьду а ца хаьа. Иштта хуьлу
хІора а Делан Синах кхоллавелларг а».
[9] «Ткъа иза муха хилало?» – хаьттира Нукха-Демис
Іийсага.
[10] Іийсас жоп делира цуьнга: «Хьуо исраилхойн
*Іелам стаг* воллушехь, иза а ца хаьа-кх хьуна?
[11] Баккъалла а боху хьоьга, оха тхайна хуург а
дуьйцу, тхайна гиначух тоьшалла а до, ткъа аша
тхан и тоьшаллаш тІе ца лоцу. [12] Ас шайга лаьттахь
долчух аьлча а, шу ца тешча, стигалшкахь долчух
лаьцна дийцича, муха тешар ду шу? [13] Адамех цхьа
а стигалшка хьала а ца ваьлла, *Адамийн КІант* бен
стигалшкара охьа а ца воьссина. [14] †Яьссачу
аренгахь волуш Муса-пайхамаро хьаладаьккхинчу
лаьхьанан суьрте терра Адамийн КІант а ву
хьалаваьккхина хила везаш, [15] Цунах тешнарш
Дела волчохь хедар доцучу дахаре
кхачийтархьама».
[16] ХІунда аьлча Шен цхьаъ бен воцу КІант
дІаваллал дезна Далла хІара дуьне, муьлхха а
Цунах тешнарг, хІаллак а ца хуьлуш, Ша волчохь
долчу хедар доцучу дахаре кхачийтархьама.
[17] Дуьненна кхел ян ца ваийтинера Дала Шен КІант,
ткъа Цуьнгахула дуьне кІелхьардалийтархьама
ваийтинера. [18] Цунах тешначунна кхел яц. Ткъа
Цунах ца тешначунна кхел йина ю, иза Делан
цхьаъ бен воцучу КІантах цатешарна. [19] Кху дуьнен
чу Делах йолу серло яьржина, амма адамашна
серлонал бода беза, шаьш до гІуллакхаш Далла
хьалха вон долу дела. [20] ХІунда аьлча хІора вон
дечунна серло ца еза, иза серлонга а ца воьду, шен
вон гІуллакхаш гучу ца далийтархьама. [21] Ткъа
Делах долчу бакъдолчуьнца вехаш верг серлонга
волу, ша деш долу гІуллакхаш Делан гІоьнца деш
хилар гайтархьама.

### Іийса а, Яхьъя-пайхамар а

[22] Цул тІаьхьа Іийса а, Цуьнан мурдаш а ЯхІуд-
махка баьхкира. Уьш цигахь, адамаш хих
чекхдохуш, севцира. [23] Цу хенахь Яхьъя а вара нах
хих чекхбохуш. Шалейм олучу меттигна гена
йоцучу Іейнан-юьртахь дара иза. Цигахь алссам хи
дара, цундела наха шаьш Яхьъяга хих
чекхбохуьйтура, [24] ††хІунда аьлча цу хенахь Яхьъя
хІинца а набахти чу воллаза вара.
[25] Яхьъян мурдашна а, жуьгтийн динан
куьйгалхочунна а юкъахь къовсам хилира. И
къовсам баьллера хица цІано яран хьокъехь дино
тІедиллина долчух. [26] ТІаккха, Яхьъяна тІе а
баьхкина, цара элира: «Устаз, хьо Йорданан вукху
агІор волуш, хьоьца хилла волу, ахь Шех тоьшалла
динарг а ву-кх нах хих чекхбохуш. Ткъа массо адам
Цунна тІеоьхуш ду».
[27] Яхьъяс жоп делира: «Адамо хІумма а шена
тІелаца йиш яц, нагахь санна иза цунна
стигалшкара Дала делла дацахь. [28] ‡Шу шаьш а теш
дар-кх ас шуьга аьллачунна: „Со *Дала леррина
Къобалвинарг* вац. Со Цунна хьалхара некъ кечбан
ваийтина Дала“. [29] Нускал а далийначун долахь
хуьлу, ткъа зудаялийначун доттагІа а хуьлу
зудаялийначунна уллохь Іаш, цунна хьалхара
гІуллакх а деш. Хазахетарх вуьзна хуьлу иза, зуда
ялийна волу шен доттагІа чувогІуш, цуьнан аз
хезча. И сан хазахетар хІинца кхочушхилла. [30] Иза
вазвала веза, ткъа со лахвала веза».
[31] Лакхара ОхьавогІург массарал а лакхара ву. Кху
Лаьттара ваьлларг Лаьттара ву, цо Лаьттахь долчух
лаьцна дуьйцу. Ткъа стигалара Веанарг массарал а
лакхара ву. [32] Шена гиначух а, хезначух а тоьшалла
до Цо, ткъа Цуьнан тоьшаллаш цхьаммо а тІе ца
лоцу. [33] Цуьнан тоьшаллаш тІелаьцначо шен
мухІар тохарца чІагІдо Дела бакъхилар. [34] ХІунда
аьлча Ша Дала Ваийтинчо Делан дешнашца
дуьйцу, Дала иза барам боццуш Шен Сих вуьзна
дела. [35] ‡†Дена Шен КІант веза. Цо массо а хІума
Шен КІентан кара дІаделла. [36] КІантах тешачунна
Дела волчохь хедар доцу дахар хир ду. Ткъа
КІантана муьтІахь ца хуьлучунна цкъа а гур дац и
дахар, амма Делан оьгІазло а йолуш ю цунна тІехь
‡‡.

### Іийса а, шамранхойн зуда а

**4** Шена тІаьхьахІуьтту мурдаш а, шаьш хих
чекхбохуьйту нах а Яхьъяна
тІаьхьахІиттинчарал совбовлар парушхошна
хааделлий хиъча, Іийсас ЯхІуд-мохк битира. [2] Ткъа
нах хих чекхбахар Іийсас Ша ца дора, иза Цуьнан
мурдаша дора. [3] Іийса, ЯхІуд-мохк битина, юха а
Галилай-махка вахара. [4] ТІаккха Шамран-махкахула
чекхвала дезара Цуьнан. [5] ‡‡†Иштта Іийса Шамран-
махкара Суьхьар олучу юьрта кхочу. Якъуба шен
кІантана Юсупна деллачу лаьттана юххехьа яра и
юрт. [6] Цигахь Якъуба яьккхина гІу яра. Иштта, некъ
а бина, кІад а велла, оцу гІуна уллохь хиъна Іаш
вара Іийса. Иза де юккъе дахана хан яра. [7] Цу гІуна
чуьра хи схьаэца цхьа шамранхойн зуда еара.
Іийсас элира цуьнга: «Мала хи лохьа Суна».
[8] Цу хенахь Іийсан мурдаш яа хІума эца юьрта
баханера. [9] ‡‡‡Шамранхочо Іийсага элира: «Хьо
жуьгти воллушехь, соьга, шамранхочуьнга, хи
хІунда доьху Ахь?» (Цу хенахь жуьгтийн
шамранхошца уьйр яцара §.)
[10] Іийсас иштта жоп делира цуьнга: «Дала дина
дика а хьайна довзахьара, хьайга хи доьхург мила
ву а хаьахьара, ахь-айхьа доьхур дара Цуьнга хи.
Ткъа Цо хьуна „дийна долу хи“ лур дара».
[11] ТІаккха цу зудчо элира: «Эла, Хьан и хи схьаэца
пхьегІа а ма яц, ткъа хІара гІу кІорга а ма ю.

† *3:14 Лелар 21:9.* †† *3:24 Маттай 14:3; Марк 6:17; Лака 3:19, 20.*

‡ *3:28 Яхьъя 1:20.* ‡† *3:35 Маттай 11:27; Лака 10:22.* ‡‡ *Ткъе уьтталгІачу аятан чаккхенан метта ма-дарра къамел кхузахь чекхдала мегара.** ‡‡† *4:5 Доладалар 33:19.* ‡‡‡ *4:9 Іезар 4:1-5; Нахьми-ЯхІу 4:1, 2.* § *Я иштта: *Шамранхоша лелийна пхьегІаш жуьгташна лело дегаза хетара.**

Мичара ду Хьоьгахь „дийна хи“? 12 Хьо хIун, вайн
дел Якъубал а лакхара ву, цо ша а, цуьнан кIенташа
а, цуьнан хьайбанаша а хи мийлина хилла йолу
хIара гIу тхуна елла волчу?»
13 Iийсас элира цуьнга: «ХIара хи мелларг юха а
хьаглур ву, 14 ткъа Аса шена лун долу хи мелча, иза
цкъа а хьаглур вац. Амма Ас лур долу хи стагана
чохь, Дела волчохь хедар доцучу дахаре доьдучу
хин хьоста а хилла, дIахIуттур ду».
15 Зудчо элира Iийсага: «Эла, лохьа суна и Айхьа
дуьйцу хи, со хьогах ца хилийта а, со ккуза хIара хи
кхехьа ца эхийта а».
16 Iийсас зудчуьнга элира: «Яло, хьайн майра а
валош, юха схьайола ккуза».
17 Зудчо жоп делира: «Сан майра вац».
«Нийса боху ахь, хьан майра вац. 18 ХIунда аьлча
хьан пхи майра хилла, ткъа хIинца хьоьца Iаш верг
хьан майра вац. Иза нийса элира ахьа», – элира
Iийсас.
19 ТIаккха зудчо элира: «Эла, го суна Хьо пайхамар
хилар. 20 Тхан дай Далла *Iибадат дан* кху лам тIе
богIура, ткъа аша и Iибадат дан деза меттиг
Ярушалаймехь ю боху».
21 Iийсас элира цуьнга: «Тешалахь Сох, зуда.
ТIейогIуш ю и зама, адамаша шаьш Дена до
Iибадат я кху лам тIехь а, я Ярушалаймехь а дан ца
дезаш. 22 Шуна-м шайна а ма-дарра ца хаьа, шаьш
Хьанна Iибадат до. Ткъа тхуна хаьа тхаьш Хьанна
Iибадат до, хIунда аьлча *кIелхьардовлар*
жуьгташкара ма ду. 23 Амма тIейогIуш ю и зама,
тIееана а яьлла иза, шаьш баккъалла а Дена
Iибадат дечу наха, синца а, бакъдолчуьнца а
Iибадат деш. ХIунда аьлча иштта Iибадат дийраш
лоьху Шена Дас. 24 Дела Ша а Са ду. Цундела Цунна
Iибадат деш болчара синца а, бакъдолчуьнца а
Iибадат дан деза».
25 Зудчо элира Цуьнга: «Суна хаьа Машахь вогIур
вуй». – (Иза « *Дала леррина Къобалвинарг*» бохург
ду). – «Ша веача, Цо дерриге а хьоьхур ду тхуна».
26 Iийсас элира: «Хьоьца къамел деш волу Со ву-кх
И Къобалвинарг».
27 Цу хенахь Цуьнан мурдаш схьабаьхкира. Уьш
цецбевллера, Iийсас зудчуьнца къамел деш шайна
гича. Делахь а мурдех цхьаммо а ца хаьттира
Цуьнга: «Хьуна хIун лаьа?» я: «Ахь стенах лаьцна
къамел до оцу зудчуьнца», – аьлла. 28 ТIаккха, шен
хи кхоьхьу ккаба а йитина, юьрта а яхана, оцу
зудчо нахе элира:
29 «ГIой, хьовсал, ас сайн дахарехь мел динчух
лаьцна соьга схьадийцинчу Стаге. Дала леррина
Къобалвинарг-м вац те Иза?»
30 Юьртара ара а бевлла, и нах Iийсана тIе бахара.
31 Цу хенахь мурдаша дехар дира Цуьнга: « *Рабби*,
хIума яахьа!» – аьлла.
32 Ткъа Iийсас элира цаьрга: «Шуна хIун ю а ца
хууш йолу яа хIума ю Соьгахь».
33 ТIаккха мурдаша вовшашка элира: «Цхьаммо яа
хIума-м ца еана те Кхунна?»
34 Iийсас элира цаьрга: «Сан кхача бу Со
Ваийтинчун лаам кхочушбар а, Цуьнан гIуллакх
чекхдаккхар а. 35 Ялта дIадуьйчу хенахь: „Кхин а
цхьа биъ бутт баьлча, ялта хьокху хан тIейогIур ю
вайна“, – ца олу аша? Иштта Аса а боху шуьга:
шайн бIаьргаш дIа а беллий, кхаш тIе хьовсал, ма
кхиъна и ялта хьакха хIинца. 36 Ялта хьоккхучо шена
догIург схьаоьцу, Дела волчохь хедар доцучу
дахаре стом а гулбеш, ялта дIадуьйчунна а,
хьоккхучунна а цхьаьна хазахетар хилийтархьама.
37 ХIунда аьлча нийса боху кицано: „Цхьаммо ялта
дIадоь, вукхо хьокху“. 38 Аша шаьш къа ца хьегначу
кха тIе ялта хьакха дахийтина Аса шу. Кхечара
къахьегна, ткъа аша цара къахьегначу кха тIера
ялта гулдина».
39 Цу гIалара дуккха а шамранхой тийшира
Iийсах, оцу зудчо шайга тоьшалла а деш: «Сайн
дахарехь ас мел динчух лаьцна схьадийцира Цо
соьга», – аьлла дела. 40 Цундела Iийса волчу
баьхкира и шамранхой. Цара, шайца саца аьлла,
дийхира Iийсага. ТIаккха Iийса шина денна цаьрца
сецира. 41 Iийсан дош бахьана долуш кхин а,
хьалхачул а сов, нах тийшира Цунах. 42 Ткъа цу
зудчуьнга цара элира: «Хьалха ахь дийцарна
тийшира тхо. ХIинца тхуна тхаьшна а Цо дуьйцург
хезна а дела, и Стаг баккъалла а дуьне
кIелхьардоккхург вуй го а дела, теша тхо Цунах».

### Хьаькаман кIант туовар

43 И ши де чекхдаьлча, Iийса, цигара ара а ваьлла,
Галилай-махка вахара. 44 †ХIунда аьлча Iийсас Ша
тоьшалла дира, пайхамарийн шаьш схьабаьллачу
махкахь сий ца до аьлла. 45 ††Iийса Галилай-махка
веача, галилайхоша а тIеийцира Иза. ХIунда аьлча
царна гинера Ярушалаймехь дезачу дийнахь
Iийсас дина гIуллакхаш. Галилайхой а баханера цу
*Пасахь-дийнахь* Ярушалайме. 46 ‡Иштта Iийса юха а
Галилай-махкара Кхана олучу юьрта веара, Ша
цкъа хих чагIар дина хиллачу меттиге. Цу хенахь
Къапарнамехь цхьа стаг вара, ша паччахьан
белхало а волуш. Цуьнан кIант цомгуш вара.
47 Iийса ЯхIуд-махкара Галилай-махка веана аьлла,
хезира цу стагана. ТIаккха, Iийсана тIе а веана, цу
стага дийхира Цуьнга, шеца дIа а веана, и кIант
туовар. ХIунда аьлча и кIант вала герга вара.
48 ТIаккха Iийсас цу стаге элира: «Я тамашийначу
гIуллакхийн билгалонаш, я Iаламаташ ца гича,
тешар дац-кх шу Сох».
49 Ткъа цу стага дийхира Iийсага: «Эла, сан кIант
велла дIавалале, тIеволахьа!» – аьлла.
50 Iийсас элира цуьнга: «ДIагIо, хьан кIантана
гIоле ю».
Iийсас аьллачух теша а тешна, и стаг дIавахара.
51 Иза цIа воьдуш, дуьхьалбогIучу леша: «Хьан
кIантана гIоле ю», – элира. 52 Стага хаьттира цаьрга:

---

† *4:44 Маттай 13:57; Марк 6:4; Лака 4:24.* †† *4:45 Яхьъя 2:23.* ‡ *4:46 Яхьъя 2:1-11.*

«Маца хена дуьйна гІоле хила йолаелира
кІантана?»
Леша жоп делира: «Селхана, делкъахенахь, цхьа
сахьт даьлча, дагар дІаделира цуьнан», – аьлла.
53 ТІаккха хиира кІентан дена, иза шега Іийсас:
«Хьан кІантана гІоле ю», – аьллачу хенахь хиллий.
ТІаккха и стаг а, цуьнан цІахь мел берш а тийшира
Іийсах.
54 Иштта, Ша ЯхІуд-махкара Галилай-махка веача,
шолгІа а тамашийначу гІуллакххийн билгало
гайтира Іийсас.

### Бет-Хьасда Іомана уллохь стаг туовар

5 Цул тІаьхьа Ярушалаймехь жуьгтийн цхьа
деза де даздеш дара. Іийса а веара цига.
2 Ярушалаймехь УьстагІийн ков олучу меттехь
баькkхина луьйчу цхьа Іам бу. Цунах Іебархойн
маттахь Бет-Хьасда † олу. Цу Іомана гонах льтташ
бІогІамийн пхи могІа бара, тІехула тиллина тхов а
болуш. 3 Оцу Іомана тІедоьлхучу некъаш тІехь
Іохкуш Іаламат дукха цомгуш болу нах хуьлура.
Царна юкъахь бара бІаьрзенаш, астагІнаш,
заьІапнаш ††. 5 Иштта, ткъе берхІитта шарахь шен
цамгаро хьийзош волу цхьа хьенех а вара цигахь.
6 И стаг цигахь Іуьллуш а гина, иза дукха хенахь
дуьйна цомгуш вуйла а хиъна, Іийсас хаьттира
цуьнга: «Могуш хила лаьий хьуна?»
7 Ткъа цомгушчо элира Іийсага: «Эла, Іома чуьра
хи, меттах а даьлла, дІасадаьржачу хенахь со цу
чуваккха цхьа а вац-кх сан. Ткъа со хи чувала
воллучу хенахь, кхин цхьаъ сол хьалха волу-кх».
8 Іийсас элира цомгушчуьнга: «ХьалагІатта, хьайн
мотт-гІайба схьа а эций, дІаволало».
9 И стаг, цу сохьта туо а велла, шен мотт-гІайба
схьа а эцна, дІаволавелира. Иза Далла леринчу
шоьтан дийнахь дара. 10 ‡Цундела динан
куьйгалхоша цамгарх товеллачуьнга элира:
«Тахана Далла лерина шоьтан де ду, хьайн мотт-
гІайба дІабаккха а бакъо ма яц хьан».
11 Ткъа цо жоп делира яхІудхошка: «И со Товинчо
элира-кх соьга: „Хьайн мотт-гІайба схьа а эций,
дІаволало“».
12 ТІаккха цара хаьттира товеллачуьнга: «Мила ву
хьоьга, мотт-гІайба схьа а эций, дІаволало аьлла и
Стаг?»
13 Ткъа товеллачунна Иза мила ву ца хаьара.
ХІунда аьлча, кхузахь адам алссам хиларна, аьтту а
баьлла, Іийса къайлавелира. 14 Цул тІаьхьа и стаг
Делан цІийнан кертахь а карийна, Іийсас элира
цуьнга: «ХІинца хьо цамгарх товелла, ткъа кхин
къинош ма летаделахь, хьайна кхин цул а воних ца
хилийтархьама».
15 ТІаккха цу стага, вахана, динан куьйгалхошка
ша Товинарг Іийса вуй дІахаийтира. 16 Цундела,
Іийсас и стаг туовар Далла лерина шоьтан дийнахь
дина аьлла, динан куьйгалхой Іийсана
дуьхьалбевлира. 17 Ткъа Іийсас элира цаьрга: «Сан
Дас тахханалц а болх беш бу, Аса а бо и болх».
18 Іийсас иза аларна, Иза вен кхин а чІогІа
тІаьхьабевлира динан куьйгалхой. ХІунда аьлча
Далла лерина шоьтан де ца лерина а ца Іаш, Делах
Шен Да ву а аьлла, Ша Делаца вуьстинера Іийсас.

### КІентан олалла

19 Ткъа Іийсас жоп делира царна: «Бакъдерг боху
Ас шуьга, Шен Дас дийриг гуш ца хилча, Шеггара
хІумма а дойла дац КІентан. ХІунда аьлча Шен Дас
дийрриг до КІанта а. 20 Дена Шен КІант веза,
цундела Ша мел дийриг дерриг а гойту Дас
КІантана. Шу цец а дохуш, кхин а сов гІуллакхаш
гойтур ду Дас Цунна. 21 ХІунда аьлча Шен Дас
белларш денбаре терра, иштта КІанта а Шена
луъург денво. 22 Адамашна тІехь кхел яр, Ша а ца
деш, Шен КІентан кара дІаделла Дас, 23 массаьрга а,
Да лоручу тайпана, КІант а ларийтархьама. ХІунда
аьлча КІант ца лоручо Иза ваийтина волу Да а ца
лору.
24 Бакъдерг боху Ас шуьга: Сан даше ладугІуш а,
Со Ваийтинчух тешаш а волчун Дела волчохь
хедар доцу дахар ду. Къематан дийнахь царна
тІехь кхел яц, ткъа, беллачуьра ден а белла, Делаца
долчу бакъдолчу дахаре кхаьчна уьш. 25 Бакъдерг
боху Ас шуьга: тІейогІуш ю и зама, тІекхаьчна а
яьлла, беллачарна Делан КІентан аз а хезар долуш,
и хезнарш ден а лур болуш. 26 ХІунда аьлча Ден а
Ша-Шена чохь дахар хиларе терра, иштта Шен
КІантана а делла Цо Ша-Шена чохь дахар хилар.
27 Иза *Адамийн КІант* волу дела, кхел ян а бакъо
елла Дала Цуьнан кара.
28 Цец ма довлалаш цунах, хІунда аьлча тІейогІуш
ю и зама, кешнаш чохь болчу массарна а Делан
КІентан аз хезар долуш. 29 ‡†ТІаккха, ден а белла,
арабевр бу уьш. Царах дика гІуллакхаш динарш
Дела волчохь хедар доцучу дахаре гІур бу. Ткъа
шайн дахарехь вон гІуллакхаш динарш шайна кхел
яйта денлур бу. 30 Айса-Сайгара хІумма а дан йиш
яц Сан. Аса, Сайна ма-хаззара, кхел йо, и Сан кхел
бакъ а ю. ХІунда аьлча Аса Сайн лаам ца лоьху,
амма Со Ваийтинчу Ден лаам кхочушбо».

### Іийсах тоьшалла дар

31 «Нагахь санна Аса-Айса Сайх тоьшалла дахь, и
Сан тоьшалла кхоччуш дац. 32 Сох тоьшалла дийриг
Кхин ву. Цо Сох деш долу и тоьшалла бакъ дуйла
хаьа Суна. 33 ‡‡Аша Яхьъяна тІе нах бахийтира, ткъа
цо билггал долчу бакъдолчух тоьшалла дира.

† *Бет-Хьасда *– кхечу тептарш тІехь цу Іомана иштта цІерш йогІу: *Байт-Затхьа, Бет-Саида.** †† *Цхьадолчу тептарш тІехь яздина ду аяташ 3б, 4: *Уьш и хи, дІа-схьа а даьржина, меттахдаларе ладоьгІуш Іаш бара. ХІунда аьлча Делан малико, наг-наггахь Іома чу а долий, и хи, дІа-схьа а даржадой, меттахдоккхура. Оццу хенахь, Іомана хьалха чуваьлларг, муьлххачу а цамгаро а и хьийзош велахь а, толуш хилла.** ‡ *5:10 Нахьми-ЯхІу 13:19; Ярми-ЯхІу 17:21.*

‡† *5:29 Даниал 12:2.* ‡‡ *5:33 Яхьъя 1:19-27; 3:27-30.*

34 Адамо дина тоьшалла оьшуш вац Со-м, амма шу
кӀелхьардовлийта боху Аса шуьга хӀара. 35 Яхьъя
богуш а, къегаш а болу стогар санна вара шуна.
Ткъа шуна кӀеззиг йолчу ханна цуьнан серлонгахь
хазахетар хила лиира. 36 Амма Сан тоьшалла
Яхьъян тоьшаллел а сов ду. ХӀунда аьлча Аса дан
дезаш а долчу, Аса деш а долчу, Суна Сан Дас
деллачу цу гӀуллакхаша до Сох тоьшалла Сан Дас
Со ваийтина хиларх. 37 †Со ваийтина волчу Сан Дас
до Сох тоьшалла. Шуна-м я Цуьнан аз а ца хезна, я
Цуьнан сибат а ца гина. 38 Я Цуьнан кхаъ а шун даг
чохь ца лаьтта, Цо Ваийтинчух шу ца теша дела. 39
*Делан Йозанаш* толлу аш, уьш шаьш теллича, Дела
волчохь хедар доцучу дахаре кхочур ду моьттуш.
Ткъа Делан Йозанаша Сох тоьшалла ма-до. 40 Амма
шуна ца лаьа Суна тӀаьхьахӀитта, шайна Дела
волчохь хедар доцу дахар хилийта.
41 Адамашкара сий дар ца оьшу Суна. 42 Амма
Суна девза шу, шун дегнаш чохь Деле хила ма-
безза безам боцийла а хаьа. 43 Со Сайн Ден цӀарах
веана воллушехь, тӀе ца оьцу аша. Ткъа цхьа
кхиверг шен цӀарах веача, иза тӀеоьцур ву аша.
44 Муха тешар ду шу, цхьаммо шайн сий дича, аша
иза хазахетарца тӀеоьцуш хилча? Ткъа цхьаъ бен
воцучу Делера сий аша ца лоьху. 45 Ма мотталаш Ас
шу Далла хьалха бехке дийр ду. Шу бехке дан Муса-
пайхамар хир ву, цунах дегайовхо йолуш Ӏаш долчу
шуна. 46 Шаьш Муса-пайхамарах тешаш хилча, Сох
а тешар дара шу, хӀунда аьлча Сох лаьцна
яздинера цо. 47 Амма нагахь санна цуьнан йозанех
а шу ца тешча, Сан дешнех муха тешар ду шу?»

### Пхи эзар стаг вузор
(Маттай 14:13-21; Марк 6:30-44; Лака 9:10-17)

6 Цул тӀаьхьа Галилай-Ӏоман дехьа болчу берда
тӀе вахара Ӏийса. Цу Ӏомах Тхьабара-Ӏам олу
кхечу тайпана. 2 Дукха адам тӀаьхьахӀоьттира
Ӏийсана, хӀунда аьлча царна гина хилла Цо
цомгушчарна тӀехь йина тамашийначу гӀуллакхийн
билгалонаш. 3 Цкъа, лам тӀе а ваьлла, цигахь Шен
мурдашца Ӏаш вара Иза. 4 Ткъа тӀедогӀуш дара «
*Пасахь*» олу деза де. 5 Юхахьаьжча, Ӏийсана гира
Шена тӀаьхьахӀоьттина догӀу дукха адам. ТӀаккха
Пилапе хьаьттира Цо: «И адамаш дузо бепиг мичара
оьцур дара вай?» – аьлла.
6 Иза Пилап зерхьама элира Ӏийсас, ткъа Цунна
Шена хаьара Ша дан леринарг.
7 «Царна хӀоранна кӀез-кӀеззиг бепиг кхачийта а,
ши бӀе *динари* ахча а тоьур дац-кх», – аьлла, жоп
делира Пилапа.
8 Ткъа Цуьнан мурдех цхьаммо, ШамӀа-Кипин
вашас Ӏандара, элира Ӏийсага:
9 «Кхузахь цхьа кӀант ву, цуьнгахь мекхан демах
бина пхи хьоккхам а, ши чӀара а бу. Амма цунах хӀун
хир ю кху халкъана?»
10 ТӀаккха Ӏийсас элира: «Охьаховшабе и нах». Иза
йоккха меттиг яра, хьалаяьлла дуккха а буц а
йолуш. Цу тӀе пхи эзар стаг охьахиира. 11 Ӏийсас, и
бепиг схьа а эцна, Далла хастам а бина, мурдашка
дӀакховдийра, ткъа цара иза охьахевшинчарна
дӀадийкъира. Иштта царна деззачул чӀерий а
дийкъира. 12 Нах буьзначул тӀаьхьа, Ӏийсас Шен
мурдашка элира: «Йисина юьхкаш схьагулъе, цхьа
а хӀума эрна ца дайта».
13 ТӀаккха и нах яа хӀума йиъна бевлча, царах
йисина йолу оцу мекхан деман пхеа баьпкан
юьхкаш схьа а гулйина, мурдаша шийтта тускар
дуьзира. 14 Цул тӀаьхьа, Ӏийсас йина тамашийна
гӀуллакхан билгало а гина, наха олура: «ХӀара ву-кх
и дуьнен чу ван веза бакъволу Пайхамар».
15 Ткъа нах, схьа а баьхкина, Шех паччахь
вархьама Ша схьалаца бохкий а хиъна, Ӏийса юха а
Ша цхьаъ лам тӀе дӀавахара.

### Ӏийса хи тӀехула дӀавоьду
(Маттай 14:22-33; Марк 6:45-52)

16 ТӀаккха суьйре тӀееача, Ӏийсан мурдаш Ӏам тӀе
баха чубиссира. 17 Хинкеман чу а хиъна, Ӏоман
вукху агӀор йолчу Къапарнам олучу гӀала баха
бевлира уьш. Бода а боьллера, амма Ӏийса хӀинца а
схьа ца веанера. 18 ЧӀогӀа мох баларна, хӀорд
карзахбаьллера. 19 Иштта мурдаша, хӀорда тӀехула
дӀабоьлхуш, пхи *чаккхарма* гергга некъ бира.
ТӀаккха, шайн хинкеманна тӀекхоччуш волу, хин
тӀехула гӀаш вогӀу Ӏийса гира царна. Уьш
кхерабелира. 20 Ткъа Ӏийсас элира цаьрга: «Со ву
шуна иза! Ма кхера!»
21 Ӏийса хинкеманна чуваккха бохкуш бара
мурдаш, ткъа хинкема цу сохьта хӀорш тӀебоьлхуш
болчу хин йисте кхечира.

### Ӏийса ду дахаран бепиг

22 ШолгӀачу дийнахь Ӏоман вукху агӀор гулбеллачу
нахана гира и цхьаъ бен хинкема цигахь ца хилар
а, Ӏийса Шен мурдашца цу хинкеман чу ца валар а.
Ткъа мурдаш, Ӏийсах дӀа а къаьстина, хинкеман
чохь шаьш дӀабахара. 23 ТӀаккха Везачу Эло хастам
бина, Дала беркате дина бепиг наха диинчу метте,
кхин а хинкеманаш кхечира Тхьабара-гӀала олучу
меттигера. 24 ТӀаккха нахана кхузахь я Ӏийса а, я
Цуьнан мурдаш а цахилар гира. Уьш, Ӏийса лоьхуш,
хинкеманаш чу а хевшина, Къапарнаме баьхкира.
25 Ткъа шаьш кхаьчначу Ӏоман дуьхьаларчу берда
тӀехь Ӏийса шайна карийча, цара элира Цуьнга: «
*Рабби*! Хьо маца кхаьчна кхуза?»
26 Ӏийсас жоп делира царна: «Бакъдерг боху Ас
шуьга: Шайна тамашийначу гӀуллакхийн
билгалонаш гарна ца лоьху аша Со, ткъа шаьш
бепиг а диъна дузарна лоьху. 27 Кху дуьнен чуьра
телхар болчу кхачанна къа ма хьега. Амма шаьш
Дела волчохь хедар доцучу дахаре кхачош болу,
Адамийн КӀанта шайна лур болу кхача лаха, хӀунда
аьлча Дала Шен мухӀар таӀорца тоьшалла до
Цунах».

† *5:37 Маттай 3:17; Марк 1:11; Лака 3:22.*

28 ТІаккха наха Іийсага хьаьттира: «Муха лела деза те тхо, Далла лерина гІуллакхаш кхочушдархьама?»

29 Іийсас жоп делира царна: «Далла лерина гІуллакх кхочушдар ду Дала Ваийтинчух шу тешаш хилар».

30 ТІаккха цара Іийсага элира: «ХІун тамашийначу гІуллакххийн билгало гойту Ахь тхуна, и ган а гина, тхо Хьайх тешийтархьама? ХІун гойтур дара Ахь? 31 †Тхан дайша яьссачу аренгахь стигалан кхача биъна, яздина ма-хиллара:

„Стигалшкара доссийна бепиг делира царна даа“».

32 ТІаккха Іийсас элира цаьрга: «Муса-пайхамаро ца делла шуна стигалшкара охьадаийтина бепиг, амма Сан Дас луш ду и бакъдолу стигалшкара охьадоуьйту бепиг. 33 ХІунда аьлча Делан бепиг ду, стигалшкара охьа а догІуш, дуьненна дахар а луш долу бепиг».

34 ТІаккха наха элира Іийсага: «Эла, лохьа тхуна иштта бепиг гуттар а!»

35 Ткъа Іийсас элира цаьрга: «Со дахаран бепиг ду шуна. ХІунда аьлча Суна тІевогІург цкъа а мацлур вац, Сох тешаш верг цкъа а хьаглур вац. 36 Амма Ас аьлла шуьга: Со шуна гушшехь, шу Сох ца теша. 37 Сан Дас Суна луш мел дерг Суна схьакхочур ду, ткъа Сайна тІевогІург Ас дІаэккхор вац. 38 ХІунда аьлча стигалшкара схьа Сайн лаам кхочушбан веана вац Со, ткъа Со Ваийтинчун лаам кхочуш бан веана ву. 39 Со Ваийтинчун иштта лаам бу: Цо Суна деллачу синойх Ас цхьа а ца дайар, амма тІаьхьарчу дийнахь и синош Ас дендар. 40 ХІунда аьлча Сан Ден лаам бу, хІора а, Со КІант хилар а гуш, Сох тешнарг Дела волчохь хедар доцучу дахаре кхачор. Денвийр а ву Ас иза тІаьхьарчу дийнахь».

41 «Со стигалара охьадоьссина бепиг ду», – Іийсас аларна, Цунна реза боцуш, хамталлаш ян буьйлабелира яхІудхой. 42 ТІаккха цара хоьттура вовшашка: «Вайна девзаш долчу оцу ден-ненан, оцу Юсупан кІант Іийса вац Иза? Ткъа хІинца Цо и муха олу те: „Со стигалшкара веана“?»

43 ТІаккха Іийсас элира цаьрга: «Хамталлаш ма е вовшашлахь. 44 Цхьаннан а вогІийла дац Суна тІе, Со ваийтинчу Дас иза тІе ца оьзча. Ткъа Аса иза денвийр ву тІаьхьарчу дийнахь. 45 ††Пайхамарийн цхьана тептар тІехь яздина ма-ду: „Берриш а Дала Іамор бу“, – аьлла. ХІора, Дас бохург а хезна, цунах кхетта верг вогІу Суна тІе. 46 Иза дац ша Делера воцучу цхьанна Да гина бохург. Ша Делера волчу Цунна гина Да. 47 Бакъдерг боху Ас шуьга: Тешаш волчун хир ду Дела волчохь хедар доцу дахар. 48 Со дахаран бепиг ду. 49 Шун дайша яьссачу аренгахь стигалара кхача биира, ткъа уьш белла. 50 ХІара бепиг стигалшкара охьадогІу, муьлхха а и диънарг ца валийтархьама. 51 Со стигалара охьадеана дахаран бепиг ду. И бепиг дуучун цкъа а хедар доцу дахар хир ду. Ткъа Ас лун долу бепиг Сан дегІ ду, дуьненан адамийн дахарх Ас дІалур долу».

52 ТІаккха вовшашца къийса хІиттира яхІудхой. Цара бохура: «Вайга Шен дилха муха доуьйтур ду Цо?»

53 Ткъа Іийсас элира цаьрга: «Баккъалла а боху Ас шуьга: Нагахь аша Адамийн КІентан дилха а ца даахь, Цуьнан цІий а ца малахь, дахар хир дац шуна чохь. 54 Сан дилха а дууш, Сан цІий а молуш волчун Дела волчохь хедар доцу дахар хир ду. Иза Ас денвийр а ву тІаьххьарчу дийнахь. 55 ХІунда аьлча Сан дилха а бакъболу кхача санна ду, Сан цІий а бакъдолу малар санна ду. 56 Сан дилха а дууш, Сан цІий а молуш верг Соьца вехаш ву, ткъа Со цуьнца вехаш ву. 57 Дийна волуш волчу Дас Со ваийтарна, Со а ву Деца доьзна дахар долуш. Иштта Сох кхача бууш волчун а Соьца доьзна дахар хир ду. 58 ХІара стигалшкара охьадеана бепиг ду. Шун дайша диънача баьпках тера дац иза. Иза дуъушехь, уьш беллера. Ткъа хІара бепиг дууш верг Дела волчохь даим а вехар ву».

59 И къамел дира Іийсас Къапарнамехь *гуламан цІа* чохь, Ша нахана хьехамаш беш.

### Дела волчохь хедар доцу дахар луш долу дешнаш

60 И хьехамаш хезначу Іийсан мурдех дукхахболчара элира: «Хала ду и дош. Хьаьнга ладогІало цуьнга?»

61 Амма Шен мурдаша реза боцуш гІам-гІим дойла Шен даг чохь хууш волчу Іийсас элира: «ХІокху дешнаша а вас йо шуна? 62 Нагахь Адамийн КІант Ша хьалха хиллачу юхавоьрзуш шайна гича, хІун хетар ду те шуна? 63 Делан Сино дахар ло, ткъа адаман дилханах цхьа а пайда бац. Ас шуьга аьллачу дешнашна чохь са а, дахар а доллу. 64 Амма шуна юкъара цхьаберш тешаш бац».

ХІунда аьлча Іийсана хьалххе дуьйна а хьаьара муьлш бу Шех цатешарш а, Шена тешнабехк хьан бийр бу а. 65 ТІаккха кхин а элира Іийсас: «Цундела аьллера Ас шуьга, цхьа а валур вац Суна тІе, нагахь санна Сан Дас иза цунна делла дацахь».

66 Цу хенахь дуьйна Іийсан дукхах болу мурдаш Цунах дІакъаьстира, кхин Цуьнца а ца лелаш. 67 ТІаккха Іийсас Шен шийтта мурде элира: «Шуна а лаьий те дІакъаста?»

68 ‡Ткъа ШамІа-Кипас жоп делира Цуьнга: «Веза Эла, хьанна тІегІур дара тхо? Хьоьгахь ма-ду Дела волчохь хедар доцучу дахаран дешнаш. 69 Теша а тешна, Хьо Дала Вазвинарг вуй хиира тхуна».

70 Іийсас жоп делира царна: «Ас хаьржина вацара шу шийтта? Амма шуна юкъара цхьаъ *иблис* ду».

71 Цо и элира ШамІа-Искархочун кІантах ЯхІудах лаьцна. ХІунда аьлча шийттаннах цхьаъ воллушехь, цо тІаьхьо тешнабехк бийр болуш бара Іийсана.

---

† *6:31 Арадаккхар 16:4, 15; Забур 77:24.* †† *6:45 ЕшаІ-ЯхІу 54:13.*

‡ *6:68, 69 Маттай 16:16; Марк 8:29; Лака 9:20.*

### Iийсан вежарийн Цунах цатешар

7 Цул тIаьхьа Галилай-махкахула лелаш вара
Iийса. ЯхIуд-махкахула лела ца лаьара Цунна,
цигара динан куьйгалхоша Ша вен лоьхий хууш.
2 †ТIедогIуш дара Кхалорийн деза денош ††.
3 ТIаккха Iийсан вежарша элира Цуьнга: «Кхузара
дIа а валий, ЯхIуд-махка гIохьа, Айхьа деш долу
гIуллакхаш Хьайн мурдашна а гайтархьама.
4 ХIунда аьлча ша гIаравала лууш волчу цхьаммо а
ша деш долу цхьа а гIуллакх къайлаха ца до.
Нагахь Айхьа иштта гIуллакхаш деш хилча,
дуьненна а Хьо вовзийта».
5 ХIунда аьлча Iийсан вежарий а бацара Цунах
тешаш.
6 Цунна дуьхьал Iийсас элира цаьрга: «Сан хан
хIинца а тIе ца кхаьчна, ткъа шун хан гуттара а ю.
7 Кху дуьненна шу ца деза бахьана дац. Ткъа Со ца
веза адамашна, Ас церан гIуллакхаш зуламе ду
аьлла, тоьшалла до дела. 8 Шу гIо шайна и деза де
даздан. Сан хан хIинца а тIе ца кхаьчна дела, Со ца
воьду цига ‡».
9 Цаьрга иза а аьлла, Iийса Галилайхь висира.

### Дезачу дийнахь Iийса Ярушалайме вахар

10 Амма Шен вежарий и деза де даздан дIабахча,
Iийса а вахара цига, Ша ца гойтуш, къайлаха. 11 Цу
дезачу дийнахь динан куьйгалхой Иза лоьхуш
бара. Цара хоьттура: «Мичахь ву Иза?» – бохуш.
12 Нахана юкъахь дукха хабарш дара Iийсах лаьцна
хезаш. Цхьаболчара: «Иза дика стаг ву», – олура,
ткъа кхечара: «ХIан-хIа вац, Цо нах лебо», – олура.
13 Делахь а динан куьйгалхойх шаьш кхерарна,
цхьаммо а къайлаха бен ца дуьйцура Цунах
лаьцна.
14 Амма деза денош юккъе дахханчу хенахь
Iийсас, Делан цIийнан керта а вахана, хьехамаш
бира. 15 Динан куьйгалхой цецбуьйлура: «Иза
цхьанхьа а доьшуш ма ца гора, оццул хIума муха
хаьа Цунна?» – бохуш.
16 Iийсас, царна жоп луш, элира: «Ас бо хьехам
Сан бац, ткъа Со Ваийтинчун хьехам бу. 17 Цуьнан
лаам кхочушбан луучунна хуур ду кху хьехамах
лаьцна, Делера ду те иза, я Ас Сайгара боху те.
18 Ша-шегара бохучо шена сийлалла лоьху. Ткъа
Иза Ваийтинчун сийлалла лоьхург билггал бакъ ву,
Цуьнца харцо яц. 19 Муса-пайхамаро ца белла шуна
*товрат-хьехам*? Ткъа шух цхьа а цу хьехамо ма-
бохху ца лела. ХIунда лоьху аш Со вен дагахь?»
20 Наха жоп делира: «Жин-м дац Хьуна чохь? Мила
ву Хьо вен лоьхург?»
21 Iийсас, кхин дIа а къамел деш, элира цаьрга:
«Цхьа гIуллакх дира Ас, ткъа шу дерриш а
цецдуьйлу. 22 ‡†Муса-пайхамаро сунтдар тIедожийна
шуна, (иза цуьнгара а доцуш, дайшкара схьадаьлла
дара). Ткъа аша Далла леринчу шоьтан дийнахь а
сунтдо бераш. 23 ‡‡Нагахь Муса-пайхамаран хьехамо
бохург ца дохорхьама, бераш шоьтан дийнахь а
сунтдеш хилча, Суна оьгIазло хIунда йо аша, Аса
шоьтан дийнахь стаг верриг а цамгарх товина
аьлла? 24 Адамна тIехьаьжна ма е кхел, ткъа кхел
бакъонца е».

### И вуй те Дала леррина Къобалвинарг?

25 Кхузахь болчу ярушалаймхойх цхьаболчара
бохура: «ХIара-м вац те вен лоьхург? 26 ХIинца
ХIокхо, лечкъа ца деш, дерриг ма-дарра схьа ма
дуьйцу, хIетте а Кхунна дуьхьал цхьаммо а хIума ма
ца олу. Билггала ХIара *Дала леррина Къобалвинарг*
ву аьлла, тешна бу те куьйгалхой? 27 Амма вайна
ХIара мичара схьавеана хаьа. Ткъа Дала леррина
Къобалвинарг схьавеача, цхьанна а хуур дац, Иза
мичара ву».
28 ТIаккха Iийсас, аз а айдина, Делан цIийнан
кертахь хьехамаш а беш, дIаккхайкхийра: «Со а
вевза шуна, Со мичара ву а хаьа шуна. Ткъа Со
Сайгара веана вац. Со Ваийтинарг шуна ца вевза,
Иза билггал бакъ воллушехь. 29 Суна вевза Иза, Со
Цунах схьаваьлла дела а, Цо Со ваийтина дела а».
30 Iийса схьалацархьама лийхира наха, амма
цхьанна а стага Цунна тIе куьг ца кховдийра,
хIунда аьлча Цуьнан хан хIинца а тIе ца кхаьчнера.
31 Ткъа тобанна юкъара дуккхах болу нах тийшира
Цунах. Цара бохура: «Дала леррина Къобалвинарг
веача, Цо ХIокхо гайтинчул сов гойтур юй те
тамашийна билгалонаш?» 32 ТIаккха парушхошна
Iийсах лаьцна дуьйцу иштта хабарш хезира
тобанна юкъахь. Динан коьртачу дайша а,
парушхоша а гIаролхой бахийтира Iийса
схьалацийтархьама. 33 ТIаккха Iийсас элира: «Кхин
а кIеззигчу хенахь Iийр ву Со шуьца, цул тIаьхьа Со
Ваийтинчунна тIе гIур ву Со. 34 Со лоьхур ву аша,
амма карор вац шуна Со, ткъа Со хир волчу метте
шу дахкалур дац».
35 ТIаккха динан куьйгалхоша вовшашка элира:
«Вайна карор а воцучу, стенга ваха воллу те Иза?
Вайн махкара дIа а бахана, грекахойн
меттигашкахь Iаш болчу нахана тIеваха-м ца воллу
те Иза? Цигарчу нахана хьехам бан лаьий те
Цунна? 36 ХIун маьIна ду те Цо аьллачу дешнийн:
„Со лоьхур ву аша, амма карор вац шуна, ткъа Со
волчу метте шу дахкалур дац“?»

### «Дийначу хин» шовданаш

37 ‡‡†Сийлахь-доккхачу дезачу денойн тIаьххьарчу
дийнахь Iийсас, дIа а хIоьттина, кхайкхам беш,
элира: «Шаьш хьогах долчара, Суна тIе а дуьйлий,
мала шайна. 38 ‡‡‡Сох тешначун, Делан Йозанашна

† *7:2 Iамалъяр 23:34; Карлабаьккхинарг 16:13.* †† *Кхалорийн деза денош *– Уьшялта чудерзорна лерина Далла хастам баран деза денош ду. Цу дезачу деношкахь адамаш кхалораш чохь Iаш дара.** ‡ *Со ца воьду цига *– кхечу тептарш тIехь: *Со цкъа ца воьду цига.**

‡† *7:22 а: Iамалъяр 12:3; б: Доладалар 17:10.* ‡‡ *7:23 Яхьъя 5:9.* ‡‡† *7:37 Iамалъяр 23:36.* ‡‡‡ *7:38 Яхьазкхиал 47:1; Закри-ЯхIу 14:8.*

тIехь ма-аллара, кийрара „дийначу хин“ шовданаш оьхур ду».
39 Иза Цо элира Шех тешаш болчара тIеоьцур
долчу Делан Синах лаьцна. Ткъа царна чохь хIинца
а Делан Са дацара, хIунда аьлча Iийса Дас
сийлалла даза вара.

### Адамийн тоба екъаялар

40 †И дешнаш шайна хезча, нахах цхьаболчара
олура: «Иза билггал ван веза пайхамар ву-кх».
41 Вукхара олура: «Иза Дала леррина Къобалвинарг
ву». Кхечара: «Галилай-махкара вогIур ву ткъа Дала
леррина Къобалвинарг?» – олура. 42 ††«Делан
Йозанаш тIехь а аьлла дацара Дала леррина
Къобалвинарг, Дауд-паччахь схьаваьлла волчу
Байтлахам-гIалара а волуш, Даудан хIух хир ву?»
43 ТIаккха Iийса бахьана долуш адамийн тоба
шина декъе екъаелира. 44 Царах цхьаберш Iийса
схьалаца лууш бара, амма цхьаммо а Цунна тIе
куьг ца кховдийра.

### Динан куьйгалхойн цатешар

45 Иштта и бахана болу гIаролхой, юха а бирзина,
динан коьртачу дайшна а, парушхошна а хьалха
тIебаьхкира. Вукхара хаьттира: «Схьа хIунда ца
валийна аша Иза?»
46 Ткъа гIаролхоша жоп делира: «ХIинццалц
цхьанна а стага ца дина-кх цу Стага динарг санна
къамел».
47 ТIаккха парушхоша элира: «Шу а Iеха-м ца дина
те Цо? – аьлла. – 48 Куьйгалхойх я парушхойх цхьа а
гиний шуна Цунах тешна? 49 Амма оцу тобанна
товрат-хьехам ца бевза, цундела Делан неIалт ду
царна тIехь».
50 ‡ТIаккха парушхойх волчу цхьаммо, хьалха
Iийсана тIевогIуш хиллачу Нукха-Демис, элира:
51 «Вайн товрат-хьехамо стаге ла а догIале, цо хIун
лелало а хаале, кхел йо боху ткъа?»
52 ТIаккха парушхоша Нукха-Демига жоп делира:
«Хьо-м вац те Галилай-махкара? Талла а таллий,
хьажа, тIаккха хуур ду хьуна, цхьа а пайхамар
Галилай-махкара ца вогIий».

### Нахаца лелаш йолу зуда схьалацар ‡†

53 ТIаккха хIора а шен-шен цIа дIавахара.
8 Ткъа Iийса *Зайт-диттийн* лам тIе вахара.
2 ТIаккха Iуьйранна Iийса юха а Делан цIийнан
керта веара. Берриг нах оьхура Цунна тIе. Охьа а
хиъна, Iийсас нахана хьехамаш бира. 3 Цу хенахь
Iелам наха а, парушхоша а цхьа зуда, сийсаза
лелаш йоллучу хенахь тIе а кхаьчна, иза цу меттехь
схьа а лаьцна, яла а йина, нахана юккъе
дIахIоттийра. 4 Цара Iийсага элира: «Устаз! ХIара
зуда нахаца лелаш йоллучохь схьалаьцна ю.
5 ‡‡Ткъа Мусан хьехамо тIедиллина и санначарна
тIулгаш кхоссар. ХIинца Ахь хIун эр дара?»
6 И элира цара Iийса зерхьама а, Цуьнгара даьлла
гIалат тIехтохархьама а. Ткъа Iийса, лохха охьа а
таьIна, лаьттахь пIелгаца яздан волавелира. 7 Ткъа
цу наха Шега кхин а хеттарш дича, Iийсас, хьала а
таьIна, элира:
«Шена тIехь къа доцучо уггар хьалха тIулг кхосса
цунна тIе».
8 Иза а аьлла, юха а охьатаьIна, лаьтта тIехь
яздеш вара Iийса. 9 Ткъа и дешнаш шайна хезча,
цхьаъ вукхунна тIаьхьхье а воьдуш, баккхийнаш
хьалха а бовлуш, уьш дIабахара. ТIаккха Iийса Ша
висира цигахь, керта юккъехь лаьтташ йолчу
зудчуьнца 10 Корта хьала а айина, Iийсас элира цу
зудчуьнга:
«Зуда, уьш мичахь бу? Цхьаммо а кхел ца йи
хьуна?»
11 Зудчо элира: «Цхьаммо а ца йи, Эла».
«Аса а ца йо хьуна кхел, – элира Iийсас. – ДIагIо
хьайна, амма кхул тIаьхьа кхин иштта долу къинош
ма летаде».

### Iийса дуьненна елла серло ю

12 ‡‡†Цул тIаьхьа юха а элира Iийсас нахе: «Со
дуьненна елла серло ю. Суна тIаьхьахIоьттинарг
бодашкахь лелар вац, амма цуьнан бакъдолчу
дахаран серло хир ю».
13 ‡‡‡ТIаккха парушхоша элира Цуьнга: «Айхьа-
Хьайх тоьшалла до Ахь, цундела Хьан тоьшалла
кхоччуш дац».
14 Ткъа Iийсас, жоп луш, элира цаьрга: «Аса Айса-
Сайх тоьшалла деш делахь а, Сан тоьшалла
кхоччуш ду. ХIунда аьлча Суна хаьа, Со мичара
веана а, стенга воьду а, ткъа шуна ца хаьа, я Со
мичара веана а, я Со стенга воьду а. 15 Аша
адамийн ламасташка хьаьжжина кхел йо, ткъа Аса
цхьанна а кхел ца йо. 16 Нагахь Ас кхел еш
елахьара, Сан кхел бакъ хир яра, хIунда аьлча Со
цхьаъ вац, амма Со ваийтина Да а ву Соьца. 17 §Шун
товрат-хьехамна тIехь а яздина ду, шина стага дина
тоьшалла бакъ ду аьлла. 18 Ткъа Сайх тоьшалла Ас-
Айса а до, Со ваийтинчу Сан Дас а до».
19 ТIаккха элира Цуьнга: «Мичахь ву Хьан Да?»
Iийсас жоп делира: «Я Со а ца вевза шуна, я Сан
Да а ца вевза. Шуна Со вевзахьара, Сан Да а вевзар
вара».
20 Иштта къамел деш вара Iийса Делан цIийнан
кертахь хазнина уллохь, Ша хьехамаш бечу хенахь.
Цхьаммо а схьа ца лецира Иза, хIунда аьлча
Цуьнан хан хIинца а тIекхаьчна яцара.

---

† *7:40 Карлабаькkхинарг 18:15-18; Яхьъя 1:21.* †† *7:42 Дауд 7:12; Мика-ЯхIу 5:2.* ‡ *7:50 Яхьъя 3:1, 2.* ‡† ***Уггар ширачу тептарш тIехь и аяташ дац. Цхьаццадолчу тептарш тIехь и дийцар кхечу меттигашкахь далош ду.****

‡‡ *8:5 Iамалъяр 20:10; Карлабаькkхинарг 22:22-24.* ‡‡† *8:12 Маттай 5:14; Яхьъя 9:5.* ‡‡‡ *8:13 Яхьъя 5:31.* § *8:17 Карлабаькkхинарг 19:15.*

### Со воьдучу шу дахкалур дац

21 Юха а элира Іийсас нахе: «Со дІавоьду, ткъа
аша лоьхур а ву Со, шайн къиношца лийр а ду шу.
Со воьдучу шу дахкалур дац».
22 ТІаккха бохура динан куьйгалхоша: «Ша-Шен
вен-м ца воллу те Иза? Цундела боху те Цо: „Со
воьдучу шу дахкалур дац“?»
23 Кхин а элира Іийсас: «Шу лахарчех ду, ткъа Со
лакхарчех ву. Шу кху дуьненах ду, ткъа Со кху
дуьненах вац. 24 Ас аьлла-кх шуьга, шу шайн
къиношца лийр ду, хІунда аьлча, нагахь Суо Верг
Со хиларх шу ца тешахь, шайн къиношца лийр ду
шу».
25 ТІаккха элира цара Іийсага: «Хьо мила ву?»
Іийсас жоп делира цаьрга: «Аса дуьххьара дуьйна
шуьга Со ву аьлларг ву-кх. 26 Дукха а дара Сан шух
лаьцна дийца а, шу бехке а деш, ала хІума а. Амма
Со Ваийтинарг бакъверг ву, ткъа хІара Суна
Цуьнгара хеззнарг ду. Цу Сайна хезначух лаьцна
дуьйцу Ас дуьненна а».
27 Ткъа уьш ца кхийтира, Іийсас шайга Шен
стигаларчу Дех лаьцна дуьйцуш дуй. 28 Цундела
Іийсас элира: «Шаьш *Адамийн КІант*
хьалаваьккхича, тІаккха хуур ду шуна Со волуш
Верг Со хилар а, Аса Сайгара хІума ца леладар а.
Ткъа Сайн Дас хьехнарг бен ца дуьйцу Ас дуьненна.
29 И Со Ваийтинарг Соьца ву. Цо Со цхьа ца витина,
Ас даим а Цунна луъург до дела».
30 Іийсас бохург хезаш болчех дукхахберш Цунах
теша буьйлабелира.

### Бакъдолчо паргІатдохур ду шу

31 Шех теша буьйлабеллачу яхІудхошка Іийсас
элира: «Нагахь шу Сан дош лардеш лелаш делахь,
шу билггал Сан мурдаш ду. 32 Шуна билггал долу
бакъдерг а девзар ду, цу бакъдолчо шу паргІат а
дохур ду».
33 †Ткъа цара жоп делира Іийсага: «Тхо
ИбрахІиман хІух а ду, тхо цкъа а цхьанна а леш ца
хилла. Ахь муха боху и: „Шу паргІатдевр ду“?»
34 Іийсас царна жоп делира: «Баккъалла а боху Ас
шуьга: хІора къа латош верг цу къинан лай ву.
35 Лай шен оьмар хаддалц веха олахочун
доьзалехь, ткъа кІант хаддаза доьзалхо хилла
вуьсу. 36 Иштта, нагахь Адамийн КІанта шу
паргІатдахахь, шу билггал паргІат хир ду. 37 Суна
хаьа шу ИбрахІиман хІух дуйла, амма шу Со вен
дагахь ду, Сан дош шайна чу ца тарло дела. 38 Сайн
Да волчохь гинначух лаьцна дуьйцу Ас, ткъа аша а
шайн дегара хеззнарг леладо».

### Шун да иблисах ву

39 Іийсана жоп а луш, яхІудхоша элира: «Тхан да
ИбрахІим ву».
Ткъа Іийсас элира цу яхІудхошка: «Нагахь шу
ИбрахІиман хІух делахьара, ИбрахІима дина доллу
гІуллакхаш дийр дара аша. 40 Ткъа хІинца Со вен
дагахь лоьху аш, Со шуьга билггал бакъдерг аьлла
Стаг воллушехь. И бакъдерг Суна Делера хезна.
Ткъа аш дийриг ИбрахІима ца дора. 41 Аша шайн
дас динна гІуллакхаш до».
ТІаккха цара Іийсага элира: «Тхо къотІалгІадина
дац. Цхьа Да ву тхан. Иза Дела ву».
42 Іийсас элира цаьрга: «Шун Да Дела велахьара,
Со шуна везар вара, хІунда аьлча Со, Делера схьа а
ваьлла, кхуза схьавеана. Ткъа Со Сайгара веана
вац, амма Дас ваийтина ву. 43 ХІунда ца кхета те шу
Сан къамелах? Иза сан дош шуна хаза йиш йоцу
дела ду. 44 Шун да иблис ду, ткъа шуна а лаьа шайн
ден лаамаш кхочушбан. Иблис юьххьехь дуьйна а
адам доьриг ду, иза бакъдолчунна тІехь ца Іийра,
шеца бакъдерг доцу дела. Цо харцдерг дуьйцучу
хенахь шениг дуьйцу, хІунда аьлча иза харцдерг
дуьйцург а ву, харцдолчун да а ву. 45 Ткъа Аса
билггал долу бакъдерг дуьйццушехь, Сох шу ца
теша. 46 Шух муьлхачо бехке вийр вара Со, Ас
къинош летадо аьлла? Ткъа Ас билггал долу
бакъдерг дуьйцуш доллушехь, шу Сох хІунда ца
теша? 47 Ша Делера Волчо ладугІу Делан дешнашка.
Амма шаьш Делера доцу дела, аша ла а ца дугІу».

### ИбрахІим хилале хьалха Со хилла

48 Аьллачунна дуьхьал жоп луш, яхІудхоша элира
Іийсага: «Ткъа тхо бакъ луьйш дац: „Хьо шамранхо
ву, Хьуна чохь жин ду“, – оха аьлча?»
49 Іийсас жоп делира: «Суна чохь жин дац. Аса
Сайн Ден сий до, ткъа аша Со сийсазво. 50 Сайн сий
дар ца лоьху Ас. И Лоьхург – кхел Йийриг а ву.
51 Баккъалла а боху Ас шуьга: Сан дош
кхочушдечунна цкъа а валар гур дац».
52 ЯхІудхоша элира Іийсага: «ХІинца билггал хии
тхуна Хьуна чохь жин хилар. ХІунда аьлча
ИбрахІим а велла, пайхамарш а белла, ткъа Ахь
боху, Хьан дош кхочушдеш верг цкъа а лийр вац.
53 Баккъалла-м вац те Хьо тхан веллачу дел
ИбрахІимал а воккха? Ткъа пайхамарш а белла.
Хьайх мила ву олу Ахьа?»
54 Іийсас жоп делира: «Нагахь Ас-Айса Сайн
сийлалла дахь, и Сан сийлалла хІумма а доцург ду.
Сан сий аша шайн Дела ву бохучу Сан Дас лакха
доккху. 55 Шуна-м Иза вовза а ца вевзина, ткъа Суна
вевза Иза. Нагахь Ас Сайна Иза ца вевза алахь, Со
а хир ву шух терра харцдерг дуьйцург. Амма Суна И
вовза а вевза, Аса Цуьнан дош а лардо. 56 Шун дас
ИбрахІима хазахетарца ладугІура Со ван везачу
дийне, ткъа и де ган а гира, хаза а хийтира цунна».
57 Іийсас аьллачунна дуьхьал яхІудхоша элира:
«Хьан хІинца а шовзткъе итт шо а ма ца кхаьчна?
Хьуна ИбрахІим гина?»
58 ТІаккха Іийсас элира: «Баккъалла а боху Ас
шуьга: ИбрахІим хилале дуьйна, Со волуш Верг ву
Со».

---

† *8:33 Маттай 3:9; Лака 3:8.*

59 ТІаккха тІулгаш схьаийцира цара Іийсана детта
дагахь. Амма Иза, царна юккъехула къайлаха чекх
а ваьлла, Делан цІийнан кертара дІавахара.

### Ша вичхьана дуьйна бІаьрзе хилла волу стаг туовар

9 ТІаккха чекхволучу Іийсана ша вичхьана
дуьйна бІаьрзе хилла волу цхьа стаг гира.
2 Іийсан мурдаша хаьттира Цуьнга: « *Рабби*! Хьан
къа латийна дела бІаьрзе ву те и стаг, цо ша я
цуьнан дас-нанас?»
3 Іийсас жоп делира: «Я цо, я цуьнан дас-нанас ца
латийна къа, ткъа цунна тІехь Делан
нуьцкъалаллин гІуллакхаш гайтархьама хилла иза.
4 Де мел ду дан деза вай Со Ваийтинчо тІедехкина
гІуллакхаш. ТІейогІуш буьйса ю, тІаккха цхьаьнгге
а хІумма а далур дац. 5 †Со дуьненахь мел ву,
дуьненна елла серло ю Со».
6 И дешнаш аьлла, лаьтта туй а кхоьссина, цуьнца
цхьа поппар бира Іийсас. ТІаккха и поппар
бІаьрзечун бІаьргех хьаьккхира Цо. 7 Цул тІаьхьа
бІаьрзечуьнга элира Іийсас: «Вало, нах луьйчуш
болчу Шилон (иза „вахийтинарг“ бохург ду) олучу
Іома тІе а гІой, хьайн юьхь йила».
Цу стага, вахана, цигахь шен юьхь йилира,
тІаккха бІаьрса а гуш, иза цІа вирзира. 8 Лулахоша
а, и стаг сагІа доьхуш шайна гиначу наха а бохура:
«ХІара вац и, охьахиъна, сагІа доьхуш хилларг?»
9 Цхьаболчара бохура: «И стаг ву-кх иза».
Вукхара олура: «Цунах тера ву и».
Ткъа цо ша элира: «Со ву иза».
10 ТІаккха хаттарш дора цуьнга: «БІаьргаш схьа
муха беллабелира хьан?» – бохуш.
11 Цу стага дуьхьал жоп делира: «Іийса цІе йолчу
Стага, поппар а бина, и сан бІаьргашна тІе а
хьаьккхна, элира соьга: „Нах луьйчучу Шилон олучу
Іома тІе а гІой, хьайн юьхь йила“. Аса, вахана, юьхь
йилира, тІаккха сан бІаьргашна са гира».
12 ТІаккха цуьнга элира: «Мичахь ву Иза?»
Стага жоп делира: «Ца хаьа суна», – аьлла.

### Парушхоша бІаьрзениг товалар муха хилла таллар

13 И хьалха бІаьрзе хилла стаг парушхошна
тІевигира. 14 Ткъа Іийсас, поппар а бина,
бІаьрзениг товина де Далла лерина шоьтан де
дара. 15 ТІаккха парушхоша а хаьттира: «БІаьрса
муха деана хьуна?» – аьлла.
Цу стага жоп делира: «Иштта, цхьа поппар а бина,
сан бІаьргашна тІебиллира Цо иза. ТІаккха ас юьхь
йилира, ткъа хІинца суна бІаьрса го».
16 ТІаккха парушхойх цхьаболчара элира: «Делера
вац и Стаг, Цо Далла лерина шоьтан де ца лору
дела».
Вукхара олура: «Шена тІехь къинош долчу стага
муха гойтур ю иштта тамашийначу гІуллакхийн
билгалонаш?»

† 9:5 *Маттай 5:14; Яхьъя 8:12.*

Парушхошна юкъахь къовсамаш бевлира. 17 Юха
а бІаьрзе хиллачуьнга хаьттира: «Ахь хІун эр ду
Цунах лаьцна, хІунда аьлча Цо хьан бІаьргашна са
ма гайтина?»
Цу стага элира: «Иза пайхамар ву».
18 ТІаккха динан куьйгалхой ца тийшира и стаг,
хьалха бІаьрзе а хилла, хІинца цуьнан бІаьргашна
са гуш хиларх. Цундела цу стеган дай-наний шайна
тІекхайкхира цара. 19 Парушхоша хаьттира цаьрга:
«ХІара вуй аша вичхьана а бІаьрзе хилла ву боху
шун кІант? Ткъа хІинца бІаьрса муха го цунна?»
20 Цу дас-нанас, жоп луш, элира цаьрга: «Тхуна
хІара кІант тхайн вуй хаьа, иза веш дуьйна а
бІаьрзе хилла хилар а хаьа. 21 Ткъа хІинца цунна
бІаьрса муха го а ца хаьа тхуна, я цунна са
Гайтинарг мила ву а ца хаьа. ХІара ша а ву кхиъна
ваьлла стаг, цо ша дийца деза-кх шех лаьцна».
22 Иштта жоп делира цуьнан дас-нанас, шаьш
динан куьйгалхойх кхерарна. ХІунда аьлча
куьйгалхоша барт бинера, нагахь хьаъа а Іийса
*Дала леррина Къобалвинарг* ву аьлла ларахь, иза
гуламан цІийнах дІакъасто. 23 Цундела элира цу
стеган дас-нанас: «Иза ша а ву кхиъна ваьлла стаг,
цуьнга шега хатта аша», – аьлла. 24 ТІаккха,
шозлагІа а и бІаьрзе хилларг схьа а кхайкхина,
цара элира цуьнга: «Тхуна-м хаьа и Стаг къинош
долуш вуй. Ткъа ахьа Далла хьалха бакъдерг алал».
25 Цу бІаьрзе хиллачо элира, царна жоп луш: «И
Стаг къинош долуш ву я вац-м ца хаьа суна. Цхьа
хІума-м хаьа суна: Со хІинццалц бІаьрзе хилла
хилар а, ткъа хІинца суна са гуш хилар а».
26 Юха а хаьттира цара цу стаге: «ХІун дира Цо
хьуна? Хьан бІаьргаш дІа муха диллира Цо?» –
аьлла.
27 БІаьрзе хиллачо жоп делира царна: «Ас
дийцира шуна, амма аша ла ца дуьйгІира. ХІинца
юха а хаза хІунда лаьа шуна? Шу-м дац те Цуьнан
мурдаш хила лууш?»
28 ТІаккха, иза човха а веш, парушхоша элира:
«Хьо ву-кх цу Стеган мурд, ткъа тхо-м Муса-
пайхамаран мурдаш ду. 29 Тхуна хаьа Дала къамел
динарг Муса-пайхамар хиллий, ткъа ХІара-м
мичара ву а ца хаьа тхуна».
30 Цу стага, жоп луш, элира цаьрга: «И ду-кх
тамашийна хІума, шуна Иза мичара ву цахаар.
Ткъа Цо-м сан бІаьргаш дІа ма биллина. 31 Къинош
летийначаьрга Дала ла ца дугІий хаьа вайна. Амма
Шех кхоьруш волчуьнга а, Шен лаам кхочушбеш
волчуьнга а Дала ладугІу. 32 ХІара дуьне
кхоьллинчхьана а дуьйцу ца хезна-кх, цхьаммо а
веш дуьйна бІаьрзе хиллачу стеган бІаьргашна са
гайтийтина бохуш. 33 Нагахь Иза Делера Стаг
вацахьара, Цуьнга хІумма а далур а дацара».
34 Ткъа динан куьйгалхоша цуьнга жоп делира:
«Хьо-х верриг а къинош юкъахь вина ву. Ахь
хьоьхур дара тхуна?»
Иза а аьлла, гуламан цІийнах дІакъастийра цара
и стаг.

### Син бIаьрзе хилар

35 И стаг гуламан цIийнах дIакъастийнийла а
хиъна, иза схьа а лехна, Iийсас элира цуьнга:
«Теший хьо Адамийн КIантах?»
36 Цу стага, жоп луш, элира: «Эла, Мила ву те Иза,
со Цунах тешаш хила?»
37 Iийсас элира цуьнга: «Хьуна Иза ган а гина,
хIинца хьоьца къамел Дийриг а Иза ву».
38 ТIаккха бIаьрзе хиллачо элира: «Теша со, Веза
Эла!» Иза а аьлла, Iийсан сийнна Цунна хьалха гора
вуьйжира и стаг.
39 ТIаккха Iийсас элира: «Со кху дуьнен чу адамаш
декъадалийта веана ву. БIаьрзе болчарна са гайта
а, ткъа бIаьрса долуш берш бIаьрзе бан а веана».
40 Iийсаца хиллачу парушхоша, Цо аьлларг а
хезна, элира Цуьнга: «Тхо а ду те бIаьрзе?»
41 Iийсас элира цаьрга: «Нагахь шу бIаьрзе
делахьара, шуна тIехь бехк хир бацара. Ткъа
хIинца аш боху: „Тхуна са го“, – цундела шун бехк
шуна шайна тIехь буьсу».

### Iу а, цуьнан жа а

10 «Баккъалла а боху Ас шуьга: милла а,
уьстагIийн кертан кевнехула а ца волуш,
кхечу некъахула чувериг, къу а, талорхо а ву. 2 Ткъа
кевнехула чувериг цу уьстагIийн Iу ву. 3 Ков лардеш
волчу стага цунна ков дIадоьллу, ткъа уьстагIаша
цуьнан озе ла а дугIу. ТIаккха, шен уьстагIийн
цIераш а йохуш, уьш арадоху цо. 4 Шен дерриге а
уьстагIий арадаьхча, иза царна хьалхаваьлла
воьду, ткъа уьстагIий цунна тIаьхьахIуьтту, шайна
цуьнан аз девза дела. 5 Хийрачунна тIаьхьа ца
доьлху уьш, амма цунах къехка, шайна цу
хийрачун аз ца девза дела».
6 И хьекъале дустар далийра Iийсас парушхошна.
Амма уьш ца кхийтира Цо шайна дийцинчун
маьIнах.

### Iийса дика Iу ву

7 ТIаккха юха а элира Iийсас: «Баккъалла а боху Ас
шуьга: Со уьстагIашна дина долу ков ду. 8 Сол
хьалха мел баьхкинарш берриш къуй а, талорхой а
бара. Амма уьстагIаша цаьрга ла ца дуьйгIира. 9 Со
ков ду. Милла а Сох чуваьлларг кIелхьарвоккхур ву.
Иза ладогIарца чу-ара а вер ву, цунна дежийла а
карор ю. 10 Къу лачкъорхьама а, верхьама а,
хIаллакдархьама а бен ца вогIу. Ткъа Со шун дахар
хилийта а, и дахар шортонца хилийта а веана.
11 Со дика Iу ву. Дикачу Iуьно шен са а дIало шен
уьстагIийн дуьхьа. 12 Ткъа йолах волу Iу, и уьстагIий
шен долахь ца хиларе терра, борз йогIуш шена
гича, жа а дуьтий, дIаводу. Еанчу барзо и уьстагIий
хIаллак а до, уьш дIай-схьай а даржадо. 13 И Iу
дIаводу, ша йолах Iу волу дела а, шен оцу
уьстагIийн бала а боцу дела а.
14 Со дика Iу ву, цундела Суна сайнаш а бевза,
сайчарна Со а вевза. 15 †Дена Со вовзаре терра,
Суна а вевза Да. Сайн са а дIало Ас уьстагIийн
дуьхьа. 16 Кхин а уьстагIий ду Сан. Уьш кху кертара
дац. И уьстагIий а ду Ас Сайн керта дало дезаш.
Цара а ладугIур ду Сан озе, тIаккха царах цхьа жа а
хир ду, церан цхьа Iу а хир ву. 17 Аса Сайн са, юха а
схьаэцархьама, дIало дела, Сан Дена Со веза.
18 Цхьаммо а дIадоккхур дац Соьгара Сан са, амма
Аса-Айса дIалур ду иза. Сан йиш ю Сайн са дIадала
а, иза юха схьаэца а. И весет Ас Сайн Дегара
схьаэцна».
19 Юха а, Iийсан и дешнаш бахьана долуш, нахана
юкъахь къовсам белира. 20 Дукхахболчара олура:
«Цунна чохь харц жин доллу, Иза хьераваьлла.
Цуьнга ла а хIунда дугIу аша?» 21 Вукхара олура: «И
дешнаш жинаша хьийзош волчу стеган дац. Харц
жине дIаделлалур дуй бIаьрзечун бIаьргаш?»

### ЯхIудхоша Iийса тIе ца оьцу

22 Iай Ярушалайм-гIалахь даздеш долу
«Карладаккхар» †† олу деза де тIедеара. 23 Делан
цIийнан кертара Сулим-паччахьан цIарах йолчу
меттехь лелаш вара Iийса. 24 Кхузахь Iийсана гонах
гулбеллачу наха элира Цуьнга: «Дукха латтор дуй те
Ахь тхо духе ца кхиош? Хьо *Дала леррина
Къобалвинарг* велахь, дуьххьал схьаалахьа
тхоьга».
25 Iийсас жоп делира цаьрга: «Ас элира шуьга,
амма шу ца теша Сох. Сайн Ден цIарах Ас деш
долчу гIуллакхаша тоьшалла до Сох. 26 Амма шаьш
Сан уьстагIех доцу дела, ца теша шу Сох. 27 Сан
уьстагIашна Сан аз а хеза, Суна а уьш девза, уьш
Суна тIаьхьа а догIу. 28 Ткъа Аса царна Дела
волчохь хедар доцу дахар ло, уьш цкъа а хIаллак а
хир дац, цхьаммо а Сан карара уьш лачкъор а дац.
29 Уьш Суна делла волу Сан Да массарал а воккха
ву. Сан Ден куьйгара цхьаьнгге а лачкъалур дац
уьш. 30 Со а, Сан Да а – Тхо цхьаъ ду».
31 ТIаккха юха а наха тIулгаш схьаийцира, Iийсана
деттархьама.
32 Iийсас жоп делира царна: «Сайн Дегара дуккха а
дика гIуллакхаш гайтира Ас шуна. Царах муьлханиг
бахьана долуш тIулгаш детта гIерта шу Суна?»
33 ‡Наха жоп делира Iийсана: «Ахьа дина дика
гIуллакхаш бахьана долуш детта ца дохку тхо Хьуна
тIулгаш, амма Ахьа, Дела сийсаз а веш, Хьуо адам
доллушехь, Хьайх Дела варна детта дохку».
34 ‡‡Iийсас юха а жоп делира царна: «Яздина дац
ткъа шун товрат хьехамаш тIехь а: „Ас аьлла, шу
деланаш ду“? 35 Нагахь Делан дош дIакхаьчначарех
а деланаш аьлла хилча (ткъа Делан Йозанашца

† 10:15 Маттай 11:27; Лака 10:22. †† Карладаккхар *– Сири-мехкан паччахьо Ярушалаймерчу Делан цIа чохь цIун сурт дIахIоттийнера. ТIаьхьа исраилхоша и цIу Делан цIа чуьра аракхоьссинера. И деза де Делан цIа, цIан а дина, карладаккхар дагалоцуш хIоттийна дара.* ‡ 10:33 Iамалъяр 24:16. ‡‡ 10:34 Забур 81:6.

къийса йиш ма-яц), [36] тӀаккха хӀинца а эр ду те аша,
оцу стигаларчу Дас къобалвина кху дуьнен чу
Ваийтинчуьнга: „Ахь Ӏеса къамел до“, – Ас шайга:
„Со *Делан КӀант* ву“, – аларна? [37] Нагахь Ас Сайн Дас
до гӀуллакхаш деш дацахь, Сох ма тешалаш.
[38] Амма, нагахь Ас и гӀуллакхаш деш хилча, шаьш
Сох ца тешахь а, Ас дечу гӀуллакхех теша. ТӀаккха
мукъана а кхетар хир ду шу, Сан Да Соьца а, Со
Цуьнца а – тхо цхьаъ дуйла».
[39] ТӀаккха юха а лийхира цара Ӏийса, схьалаца
дагахь, амма Иза церан карара велира.
[40] †Юха а Йордан-хин вукху агӀор йолчу, хьалха
Яхьъяс нах хих чекхбаьхначу меттиге вахара Ӏийса.
Цигахь висира Иза. [41] Дукха нах баьхкира Ӏийсана
тӀе. Цара бохура: «Яхьъяс тамашийначу
гӀуллакхийн цхьа а билгало ца гайтина, амма цо
Кхунах лаьцна аьлларг дерриг а бакъ хилла».
[42] Цигахь дукха нах тийшира Ӏийсах.

### ЛаӀзар валар

11 ††Бет-ХӀина олучу юьртахь Ӏаш вара, ЛаӀзар
цӀе а йолуш, цхьа хьенех. Иза чӀогӀа цомгуш
вара. И Бет-ХӀина олу юрт яра Марем а, цуьнан
йиша Марта а ехаш йолу меттиг. [2] ‡Ткъа и Марем
яра, Везачу Элана тӀе хаза хьожа йогӀу деза даьтта
а доьттина, Цуьнан когаш шен коьртан месашца
бакъон берг. Ткъа и цомгушниг Мареман ваша
ЛаӀзар вара.
[3] Цу йижарша хабар дахьийтира Ӏийсана тӀе: «Эла,
хӀара Хьуна везаш верг цомгуш ву», – аьлла.
[4] И хаам Шена хезча, Ӏийсас элира: «И цамгар
Ӏожаллина яц, амма цуьнгахула Делан КӀентан
сийлалла гайтархьама ю».
[5] Ӏийсана езара Марта а, цуьнан йиша а, ЛаӀзар а.
[6] Ткъа ЛаӀзар цомгуш ву аьлла Шена хезна
доллушехь, кхин а ши де даьккхира Ӏийсас оцу Ша
волчу меттехь. [7] Цул тӀаьхьа Ӏийсас Шен мурдашка
элира: «Юха а ЯхӀуд-махка гӀо вай».
[8] Ткъа мурдаша элира Цуьнга: « *Рабби*! Дукха хан
ма яц яхӀудхоша Хьуна тӀулгаш детта дагахь Хьо
лехна. Ткъа Хьо юха а ваха воллу?»
[9] Ӏийсас жоп делира: «Шийтта сахьт дац денна
чохь? Дийнахь лелаш верг гал ца волу, хӀунда
аьлча цунна кху дуьненан серло го. [10] Амма
буьйсанна лелаш верг галволу, хӀунда аьлча
цуьнца серло ца хуьлу». [11] Иза а аьлла, юха а
тӀетуьйхира Ӏийсас: «Вайн доттагӀа ЛаӀзар наб еш
ву, ткъа Со иза самаваккха воьду».
[12] Мурдаша элира Цуьнга: «Эла! Нагахь цунна наб
кхеттехь, толур ма ву иза».
[13] Амма Ӏийсас ЛаӀзаран валарх дуьйцура, ткъа
мурдашна моьттура Ӏийсас ЛаӀзарна наб кхетта
боху. [14] ТӀаккха Ӏийсас дуьххьал дӀаэлира цаьрга:
«ЛаӀзар дӀакхелхина. [15] Ткъа цигахь цахиларна
воккхавеш ву Со шун дуьхьа, шу Сох
тешийтархьама. Ткъа хӀинца гӀо вай и волчу».
[16] ТӀаккха ТӀамас, шех Шалавинарг олуш волчо,
элира вукху мурдашка: «Вай а доьлху цига, Цуьнца
цхьаьна далархьама».

### Ӏийса ву велларг денвеш Верг а, дахар луш Верг а

[17] Схьакхаьчначу Ӏийсана диъ де хьалха дуьйна
къуббанна чохь Ӏуьллуш карийра ЛаӀзар. [18] Бет-
ХӀина олучу гӀалина а, Ярушалаймана а юкъахь кхо
*чаккхарма* хиллал некъ бара. [19] Дукха яхӀудхой
баьхкинера Мартина а, Маремна а тӀе церан ваша
ЛаӀзар кхалхар бахьана долуш кадам бан. [20] Ӏийса
вогӀуш ву аьлла хезна, Марта Цунна
дуьхьалъяхара. Ткъа Марем цӀахь йисира.
[21] ТӀекхаьчча, Мартас Ӏийсага элира: «Эла, нагахь
Хьо кхузахь хиллехьара, лийр ма вацара сан ваша.
[22] Амма суна хӀинца а хаьа-кх Ахь Деле мел дехнарг
Дала Хьуна лург хилар».
[23] Ткъа Ӏийсас элира цуьнга: «Денлур ву хьан
ваша».
[24] Мартас элира Ӏийсага: «Нах денлур болчу
тӀаьхьарчу дийнахь иза а денлур вуй хаьа суна».
[25] Ӏийсас элира цуьнга: «Со ву адамаш ден Дийриг
а, адамашна дахар Лург а. Сох тешаш волчун,
нагахь и велча а, цкъа а хедар доцу дахар хир ду.
[26] Муьлхха а, и хедар доцу дахар а долуш, Сох
тешаш верг цкъа а лийр вац. Теший хьо оцунах?»
[27] Мартас жоп делира: «ХӀаъ, Веза Эла! Со теша
Хьо *Дала леррина Къобалвинарг* а, дуьнен чу ван
везаш волу *Делан КӀант* а вуйла».

### Ӏийсан велхар

[28] Иза а аьлла, яхана шен йиша Марем схьа а
кхайкхина, цуьнга къайлаха элира Мартас: «Устаз
кхузахь ву, Хьоьга кхойкху Цо».
[29] И хезча, Марем, сихха хьала а гӀаьттина,
Ӏийсана тӀеяхара. [30] Ӏийса хӀинца а юьрта чу
кхачаза вара. Иза хӀинца а Марта Шена
дуьхьалкхетта хиллачу меттехь лаьтташ вара.
[31] ТӀаккха Марем, сихха хьала а гӀаьттина,
араяьлча, цунна синтем беш баьхкина болчу
яхӀудхошна иза къуббанна тӀейоьдуш ю моьттира,
цигахь елхархьама. Уьш Маремана тӀаьххье
бахара. [32] Ткъа Марема, Ӏийса волчу дӀакхаьчча,
Иза а гина, Цуьнан когашка а йоьжна, элира: «Эла!
Хьо кхузахь хиллехьара, лийр ма вацара сан
ваша».
[33] Йоьлху Марем а, боьлху цуьнца баьхкина
яхӀудхой а гина, са карзахдаьлла, дог доьхна вара
Ӏийса. [34] Ӏийсас элира: «Мичахь охьавиллина аша
иза?»
Цара жоп делира: «ГӀой, хьажахь, Эла!» [35] Ӏийсан
бӀаьргех хиш деара. [36] ТӀаккха яхӀудхоша бохура:
«Ма везаш хилла Цунна иза!» [37] Амма яхӀудхойх
цхьаболчара бохура: «Оцу бӀаьрзечу стеган
бӀаьргаш схьабиллинчу Кхуьнан хӀара стаг ца
валийта а ницкъ ца кхечира те?»

† *10:40 Яхьъя 1:28.* †† *11:1 Лака 10:38, 39.* ‡ *11:2 Яхьъя 12:3.*

### ЛаІзар веллачуьра денвар

38 Іийса, юха а Шен дог доьхна а волуш,
къуббанна тІевеара. Иза хьех яра, дуьхьал биллина
тІулг а болуш. 39 ТІаккха Іийсас элира: «ДІакарчабе
и дуьхьалара тІулг».
Веллачун йишас Мартас элира Іийсага: «Эла! Вон
хьожа йогІу цунах, хІара доьалгІа де ма ду иза
дІавоьллина».
40 Іийсас элира цуьнга: «Хьоьга ца аьлла Аса,
нагахь хьо тешахь, Делан сийлалла гур ю хьуна?»
41 ТІаккха тІулг дІакарчийра. Ткъа Іийсас,
бІаьргаш хьала а хьажийна, элира: «Дада! Баркалла
боху Ас Хьуна, Со Хьуна дІахазарна. 42 Суна-м
хаьара, Хьуна гуттара а Со дІахезий. Амма кху гонах
латтачу нехан дуьхьа элира Ас иза, Со Ахь
ваийтина хиларх уьш тешийтархьама».
43 Иза а аьлла, Іийсас чІогІа мохь туьйхира:
«ЛаІзар! Аравала!» – аьлла.
44 ТІаккха и велла хилларг, куьйгех а, когех а
йихкина кисин асанаш а йолуш, дІахьарчийна
корта а болуш, къуббанна чуьра аравелира. Іийсас
элира цаьрга: «ДІа а вастий, дІавахийта иза».
45 ТІаккха Марем йолчу баьхкинчу яхІудхойх
дукхахберш, Іийсас динарг а гина, тийшира Цунах.
46 Ткъа царах цхьаберш парушхошна тІебахара.
Іийсас динарг дийцира цара парушхошка.
47 ТІаккха динан коьртачу дайша а, парушхоша а,
коьртачу кхеташо а гулйина, элира: «ХІун дийр
дара те вай? ХІунда аьлча хІокху Стага дукха
тамашийначу гІуллакхийн билгалонаш ма гойту?
48 Нагахь вай Иза иштта витахь, массо а нах Цунах
тешар бу. ТІаккха, римхой а баьхкина, цара вайн
*Делан цІа* а, вайн халкъ а хІаллакдийр ду».
49 Царах цхьаммо, цу шарахь *динан коьрта да*
волчу Кайбас, элира: «Шуна хІумма а ца хаьа, 50 я
шу кхета а ца кхета шайна гІоле йолчух. И цхьа стаг
массо а халкъан дуьхьа валар гІоле ю, дерриг
халкъ хІаллакьхуьлучул».
51 Иза Кайбас ша-шегара ца элира. Амма ша цу
шарахь динан коьрта да хиларна, цо Делера болу
хаам бовзуьйтуш, аьллера, Іийса вайн халкъан
дуьхьа лийр ву аьлла. 52 Амма халкъан дуьхьа
хилла а ца Іаш, дІасадаьржина долу массо а Делан
бераш схьа а гулдина, уьш цхьаьнатохархьама а
хила дезаш дара иза. 53 Цу дийнахь дуьйна Іийса
вен сацам бира цара. 54 Цундела Іийсас Ша
яхІудхошна юкъахь лелаш ца гойтура. Цигара дІа а
ваьлла, яьссачу аренна гергахьа болчу махка
вахара Іийса. Цигахь Эпрам олучу юьртахь сецира
Иза Шен мурдашца.
55 Ткъа тІедан герга дара жуьгтийн *Пасахь* олу
деза де. И деза де тІекхачале, оцу махкара дукха
адам деара Ярушалайме, дино ма-бохху
цІандалархьама. 56 Цу адамаша Делан цІийнан
кертахь Іийса лоьхура. Цигахь шаьш латташ, наха
вовшашка хоьттура: «Шуна муха хета? ВогІур-м вац
те Иза кху дезачу дийнахь?»
57 Ткъа динан коьртачу дайша а, парушхоша а
нахе омра дира, нагахь цхьанна Іийса мичахь ву
хаалахь, И волу меттиг схьайийца аьлла, Иза
лацархьама.

### Бет-ХІинехь Іийсана тІе деза даьтта доттар

(Маттай 26:6-13; Марк 14:3-9)

12 Иштта, Пасахьан деза де тІекхача ялх де
дисича, Бет-ХІина олучу гІала веара Іийса.
Іийсас веллачуьра денвина волу ЛаІзар а вара
цигахь вехаш. 2 Цигахь суьйренан пхьор кечдинера
Іийсана. Марта а яра гІуллакхаш деш. И ЛаІзар а
вара Іийсаца пхьор дуучаьрца. 3 †ТІаккха Марема,
цхьа *герка* хиллал нард олучу зезагех даькккхина
долу деза даьтта, схьа а эцна, Іийсан когаш тІе
доьттира. Цул тІаьхьа шен коьртара месашца
Іийсан когаш бакъийра цо. Ткъа и цІа хаза хьожа
йогІучу даьттанан хьожанах дуьзира. 4 ТІаккха
Іийсан мурдех цхьаммо, ЯхІуд-Искархочо, тІаьхьа
Іийсана ямартло ен волчо, элира: 5 «И деза даьтта
кхо бІе *динари* ахчанах дохка а доьхкина,
мискачарна дІа хІунда ца дийкъира вай?» 6 И ша
аьлларг ца элира цо мискачу нехан бала кхаьчна,
ткъа ша къу хиларна элира. Шегахь мурдийн ахча
Іалашдеш лелош болу тІоьрмаг болу дела, наггахь
цу чу тосучу ахчанах хІума схьаоьцура цо шена.
7 ТІаккха Іийсас элира: «Йита и зуда. Шена ца
хуъушехь, Со дІавуллун волчу денна Іалашдина
хилла цо и даьтта ††. 8 ‡ХІунда аьлча мисканаш
гуттар а хир бу шуьца, ткъа Со даим хир вац
шуьца».

### ЛаІзарна дуьхьал бина барт

9 Дукхах болчу яхІудхошна хиира Іийса цигахь
вуйла. Іийса гархьама хилла а ца Іаш, Цо
веллачуьра денвина волу ЛаІзар ган а баьхкинера
уьш. 10 Ткъа динан коьртачу дайша ЛаІзар а вен
сацам бира. 11 ХІунда аьлча ЛаІзар бахьана долуш
баьхкина дукхах болу яхІудхой, динан куьйгалхойх
дІа а къаьстина, Іийсах тийшира.

### Іийса декъалварца Ярушалайма чувар

(Маттай 21:1-11; Марк 11:1-11; Лака 19:28-40)

12 ШолгІачу дийнахь Пасахь даздан баьхкинчу
дукхачу нахана хезира, Іийса Ярушалайме вогІуш
ву аьлла. 13 ‡‡Уьш, хурманийн диттийн гаьннаш
карахь а долуш, Іийсана дуьхьалбаьхкира. Цара аз
айдина маьхьарий деттара:
« *ХІашанна*! ‡‡
Декъала ву Везачу Элан цІарах вогІуш волу
Исраилан Паччахь!»
14 Ткъа Іийса, цхьа къона вир карийна, цунна тІе
хиира, *Делан Йозанаш* тІехь яздина ма-хиллара:

---

*† 12:3 Лака 7:37, 38. †† Шена ца хуъушехь... цо и даьтта *– я иштта: *Бухадиснарг Со дІавуллучу денна Іалашдойла цо.* ‡ 12:8 Карлабаькхинарг 15:11. ‡† 12:13 Забур 117:25, 26. ‡‡ ХІашанна! *– иза «кІелхьардаха!» бохург ду, ткъа цу меттехь «Далла бу хастам!» бохучух терра ду.**

15 †«Ма кхералахь, Цийонан йоI! ††
ХIара хьан Паччахь вогIу,
къоначу вира тIе а хиъна».
16 Цуьнан мурдаш юьхьанца ца кхийтира цунах.
Амма, тIаьхьа, Iийсан сийлалла кхочушхилча,
кхийтира уьш, и дешнаш Цунах лаьцна яздина
хиларх а, и дерриг а Цунна дина хиларх а.
17 Хьалха Цо ЛаIзар къуббанна чуьра
схьакхайкхинчу хенахь а, Цо иза веллачуьра
денвинчу хенахь а Iийсаца хиллачу наха цунах
тоьшалла дора. 18 Iийсас оцу тамашийначу
гIуллакхан билгало яр хезна, Цунна
дуьхьалбаьхкира нах. 19 Парушхоша вовшашка
бохура: «Гой шуна, вай-м хIумма а дан ца ларий?
Ткъа дерриг дуьне а Цунна тIаьхьахIуттуш ма
льтта!»

### Цхьаболчу грекахоша Iийса лахар

20 Пасахьан дезачу дийнахь Далла Iамал ян
баьхкинчарна юкъахь грекахой а бара. 21 Галилай-
махкара Бет-Саида-гIалара волчу Пилапана
тIебахара уьш. Цара, дехарш деш, элира Пилапе:
«Олахо, тхуна Iийса ган лаьа».
22 Цунах лаьцна Пилапа Iандаре дIаэлира. ТIаккха
Iандара а, Пилапа а, вахана, Iийсага дIадийцира
грекахошна луург. 23 Iийсас, жоп луш, элира цу
шинга:
«ТIекхаьчна Адамийн КIентан сийлалла дIагойту
сахьт. 24 Баккъалла а боху Ас шуьга: нагахь кIен
буьртиг льтта боьжча, хIаллак ца хилахь, иза ша
буьсур бу. Ткъа нагахь иза ша хIаллакьхилахь а,
дуккха а стом лур бу цо. 25 ‡Шен са дезачо иза
хIаллакдо. Ткъа кху дуьненахь шен са ца дезачо,
Дела волчохь хедар доцучу дахаре кхачархьама,
Iалашдийр ду иза. 26 Милла а Суна гIуллакх деш
верг Суна тIаьхьахIуттийла. Иза Со волччохь Сан
ялхо а хир ву. Милла а Суна гIуллакх деш верг Сан
Дас лорур а ву».

### Iийсас Шен толамах лаьцна дуьйцу

27 «Ткъа хIинца Сан са карзахдаьлла. ХIун ала те
Ас? „Дада, кIелхьарваккхахьа Со кху сахьтах“? Амма
кху сахьтана веана ма ву Со. 28 Дада! Гучуяккхахьа
Хьайн цIеран сийлалла!»
ТIаккха стигалшкара аз хезира: «Ас Сайн цIеран
сийлалла гайта а гайтина, ткъа хIинца кхин а
гойтур а ю», – аьлла.
29 Цигахь льтташ болчу, иза хезначу наха бохура:
«Иза стигал къовкъар дара».
Ткъа вукхара бохура: «Малико къамел дира
Цуьнца».
30 Цара аьллачунна дуьхьал Iийсас элира: «Сан
дуьхьа даийтина дацара и аз, амма шун дуьхьа
даийтина дара иза. 31 ХIинца кху дуьненна кхел
хуьлуш ю. Кху дуьненан эла дIаэккхор ву хIинца.
32 Со льттара хьалаваьккхича, массо адам Сайна
тIеозор ду Ас».
33 Иза Iийсас элира, Шен валар муха хир ду
хаийтархьама. 34 ‡†Наха Iийсага элира: «Тхуна хезна
*товрат-хьехам* тIехь, *Дала леррина Къобалвинарг*
даим а вехар ву аьлла, дуйла. Ткъа Ахь муха боху: „
*Адамийн КIант* хьалаваьккхина хила везаш ву?
Мила ву и Адамийн КIант?“»
35 ТIаккха Iийсас элира цаьрга: «ХIинца а кIеззигчу
ханна серло ю шуьца. Серло йолччуьра, лела шу,
шаьш бодане дIа ца хьулдайта. Ткъа боданехь
лелачунна ша стенга воьду а ца хаьа. 36 И серло
шуьца йолччуьра, теша цу серлонах, тIаккха
серлонан кIентий хир ду шух». Иза а аьлла, Iийса,
дехьа а ваьлла, къайлавелира царах.

### ЯхIудхойн цатешар

37 Оццул дукха тамашийначу гIуллакхийн
билгалонаш гайтира Iийсас нахана, хIетте а тешаш
бацара уьш Цунах. 38 ‡‡Иза дара ЕшаI-ЯхIу-
пайхамаро аьлла хIара дешнаш
кхочушхилийтархьама:
«Веза Эла, мила тийшира тхоьгара хезначух?
Хьанна хааделира Везачу Элан нуьцкъала куьг?»
39 Цу нехан тешийла а дацара, ЕшаI-ЯхIу-
пайхамаро кхидIа а иштта аьлла дела:
40 ‡‡†«Дала церан бIаьргаш бIаьрзе бинера,
церан дегнаш а шога динера,
церан бIаьргашна са ца гайта а,
церан дегнаш тIаьхьа ца кхиийта а,
уьш шайна гIо дайтархьама Шена тIе ца бахийта
а. –
Ас уьш то а бийр бара!»
41 Иштта аьллера ЕшаI-ЯхIу-пайхамаро, шена
Iийсан сийлалла гича. Иза Iийсах лаьцна аьллера
цо. 42 Ур-атталла куьйгалхошна юкъара а
дукхахберш тийшира Iийсах. Амма шаьш
парушхойх кхерар бахьана долуш, цара ца
хаийтира шаьш тешний. Уьш кхоьрура шаьш
гуламан цIийнах дIакъасторах. 43 ХIунда аьлча
шайна адамашкара долу сийдар Дала сийдарал а
сов дезарна.

### Тешар а, цатешар а

44 ТIаккха Iийсас дIакхайкхадира нахе: «Сох
тешаш верг, Сох тешна а ца Iаш, Со Вайийтинчух а
теша. 45 Со гуш волчунна Со Вайийтинарг а го.
46 Серло санна веана Со кху дуьнен чу, Сох тешнарг
цхьа а боданехь ца витархьама. 47 Нагахь санна
цхьаммо Сан дешнаш шена хезча, уьш ца лардахь
а, Ас цунна кхел йийр яц. ХIунда аьлча Со дуьненна
кхел ян веана вац, амма дуьне кIелхьардаккха
веана ву. 48 Со юхатухуш а, Сан дешнаш тIе ца
оьцуш а волчун шен кхел ю. Ас аьллачу дашо йийр
ю цунна кхел тIаьххьарчу дийнахь. 49 ХIунда аьлча

† *12:15 Закри-ЯхIу 9:9.* †† *Цийонан йоI *– Ярушалайм-гIалара бахархой.** ‡ *12:25 Маттай 10:39; 16:25; Марк 8:35; Лака 9:24; 17:33.*

‡† *12:34 Забур 109:4; ЕшаI-ЯхIу 9:7; Яхьазкхиал 37:25; Даниал 7:14.* ‡‡ *12:38 ЕшаI-ЯхIу 53:1 (Грекийн).* ‡‡† *12:40 ЕшаI-ЯхIу 6:10 (Грекийн).*

Аса Сайгара ца боху, амма Со ваийтинчу Сан Дас
весет дина Соьга, Аса хIун ала а, хIун дийца а деза
олуш. 50 Суна хаьа, Делан весето Ша волчохь хедар
доцучу дахаре валавой. Цундела Айса бохург, Сайн
Дас ма-аллара, боху Ас».

## Iийсас Шен мурдийн когаш билар

13 Пасахьан деза де тIекхочуш дара. Ша кху
дуьненара Шен Дена тIеваха веза хан
тIекхаьчний хаьара Iийсана. Дуьненара Шенаш
безара Iийсана, ткъа хIинца Шен безам ма-барра
кIорггера гайтира Iийсас царна. 2 Суьйренан пхьор
дуучу хенахь Iийсана ямартло ян дагатесира
иблисо ШамIа-Искархочун кIантана ЯхIудана.
3 Ткъа Iийса хууш вара стигалшкара Шен Дас
дерриг а Шен кара деллий а, Ша Делера
схьаваьллий а, хIинца Далла тIевоьдий а. 4 Иштта
Iийсас, хьала а гIаьттина, Шен тIехулара бедар
схьаяьккхира. ТIаккха гата схьа а эцна, иза Шен
гIодаюкъах дихкира. 5 Цул тIаьхьа теса чу хи
доьттира Iийсас. ТIаккха мурдийн когаш била а
буьлуш, уьш Шен гIодаюкъарчу гатанца бакъабан
волавелира Иза. 6 Иштта ШамIа-Кипина тIе а
вахара Iийса, ткъа вукхо элира Цуьнга: «Веза Эла,
Ахь буьлур бара сан когаш?»
7 Iийсас жоп делира: «Ас дийриг цкъа хIинца хIун
ду ца хаьа хьуна, амма тIаьхьа кхетар ву хьо».
8 ТIаккха Кипас элира Цуьнга: «Буьлур бац Ахьа-м
сан когаш цкъа а».
Ткъа Iийсас жоп делира Кипе: «Ас уьш ца билахь,
Сох доьзна хьан хIумма а хир дац-кх».
9 ТIаккха ШамIа-Кипас элира Цуьнга: «Веза Эла,
когаш билина а ца Iаш, сан куьйгаш а, корта а
билахь!»
10 Iийсас элира цуьнга: «Лийчиначун ши ког бен
била ца оьшу, хIунда аьлча иза верриг а цIена ву.
Шу а цIена ду, дерриш дацахь а». 11 Iийсана-м
вевзара Шена ямартло ен верг. Цундела элира Цо:
«Шу дерриш цIена дацахь а», – аьлла.
12 †Мурдийн когаш билина а ваьлла, Шен бедар
схьа а эцна, Iийса юха а Шен метте дIатевжира.
Ткъа мурдашка Цо элира: «Хаьий те шуна Ас шайна
динарг хIун ду? 13 Аша Сох „Устаз“ а, „Веза Эла“ а
олу, иза нийса олу аша, Со Иза ван а ву. 14 Иштта,
шун Веза Эла а, Устаз а воллушехь, Аса а шун когаш
билча, аша а била беза вовшийн когаш. 15 Аса
масал гайтира шуна. ХIинца Ас шайна диннарг
шуьга вовшашна а дайтархьама. 16 ††Баккъалла а
боху Ас шуьга: „Ялхо шен олахочул лакхара вац.
Иштта вахийтинарг а ша ваийтинчул лакхара вац“.
17 Иза шуна хаа а хаахь, и аша кхочуш а дахь,
декъала хир ду шу. 18 ‡Шух массарах лаьцна ца боху
Ас иза. Суна бевза Айса хаьржинарш. Амма
кхочушхила деза *Делан Йозанаш* тIехь яздина
долу: „Соьца бепиг дууш волчо Суна тIе куьг
айина“, – боху дешнаш. 19 ХIинца хьалхе
дIахоуьйту Ас шуьга хиндерг, иза кхочушхилале,
тIаккха и кхочушхилла даьлча, Со Со Верг хиларх
шу тешийта.
20 ‡†Баккъалла боху Ас шуьга: Ас Вохуьйтург
тIеоьцуш волчо Со тIеоьцу, ткъа Со тIеоьцучо Со
Ваийтинарг а тIеоьцу».

## Iийсас Шена ямартло хьан йийр ю дIадийцар

(Маттай 26:20-25; Марк 14:17-21; Лака 22:21-23)

21 И къамел дича, Iийсан са бIарзделлера. Цо,
тоьшалла деш, элира: «Бакъдерг боху Ас шуьга,
шух цхьаммо ямартло йийр ю Суна».
22 ТIаккха мурдаш, цецбевлла, вовшашка
хьоьжура, Цо хьанах лаьцна боху ца кхеташ.
23 Мурдех Iийсана къаьсттина везаш волу цхьаъ
Цуьнан некха тIе тевжина Iаш вара. 24 Оцу мурде
ШамIа-Кипас хичаш йира, и Цо вуьйцург мила ву
те, Iийсага хаттахь аьлла. 25 Оцу мурдо, Iийсан
некха тIе корта а биллина, хаьттира Цуьнга: «Веза
Эла! Мила ву иза?» – аьлла.
26 Iийсас жоп делира: «Аса хIара баьпкан юьхк,
кеда чу а Iоьттина, дIакховдон ерг ву».
ТIаккха Iийсас баьпкан юьхк, кеда чу а Iоьттина,
ШамIа-Искархочун кIанте ЯхIуде дIакховдийра.
27 ЯхIуда и баьпкан юьхк схьа-ма-ийцци, цу
сахьттехь, цунна чу иблис дуьйлира. ТIаккха Iийсас
элира ЯхIуде: «И хьо дан воллург сихха дей вала».
28 Амма Iийсана юххехь дIатевжина Iаш болчех
цхьа а ца кхийтира, Iийсас стенах лаьцна боху
цуьнга. 29 ЯхIудехь ахча долу тIоьрмаг хиларна,
царах цхьаболчарна моьттира, Iийсас цуьнга:
«Дезачу денна вайна оьшург эца», – я:
«Мискачарна сагIа ло», – боху.
30 Ткъа ЯхIуд, и баьпкан юьхк схьа а эцна, цу
сахьтехь аравелира. Арахь буьйса яра.

## Керла гIуллакх тIедиллар

31 Иштта, ЯхIуд араваьлча, Iийсас элира: «ХIинца
Адамийн КIентан сийлалла а гучуели, ткъа Делан
сийлалла Цуьнгахула гучуяьккхи. 32 Нагахь Делан
сийлалла Цуьнгахула гучуяьккхича, тIаккха Дала а
Шегахула Адамийн КIентан сийлалла гучуйоккху.
Кестта Дала Цуьнан сийлалла гучуйоккхур ю.
33 ‡‡Бераш! ХIоккул тIаьхьа кхин дукха хир вац Со
шуьца. Лоьхур ву аша Со. Амма Ас динан
куьйгалхошка ма-аллара: „Со воьдучу шун догIийла
яц“, иштта хIинца шуьга а боху Ас изза. 34 ‡‡†ХIинца
керла гIуллакх тIедуьллу Ас шуна: вовшийн дезаш
хила. Суна шу ма-деззара, иштта шуна а дезийла
вовшийн. 35 Нагахь шун вовшашка безам хилахь,
тIаккха хуур ду массарна а шу Сан мурдаш хилар».

† *13:12-15 Лака 22:27.* †† *13:16 Маттай 10:24; Лака 6:40; Яхьъя 15:20.* ‡ *13:18 Забур 40:10.*

‡† *13:20 Маттай 10:40; Марк 9:37; Лака 9:48; 10:16.* ‡‡ *13:33 Яхьъя 7:34.* ‡‡† *13:34 Яхьъя 15:12, 17; 1 Яхьъяс 3:23; 2 Яхьъяс 1:5.*

### Іийсас хьалхxe дІахоуьйту Кипас Ша дІатосург хилар
(Маттай 26:31-35; Марк 14:27-31; Лака 22:31-34)

[36] ШамІа-Кипас хаьттира Іийсага: «Веза Эла! Хьо
стенга воьду?»
Іийсас жоп делира цуьнга: «Со воьдучу цкъа
хІинца валур вац хьо, амма тІаьхьо вогІур ву хьо
Суна тІаьххье».
[37] Кипас хаьттира Іийсага: «Сан йиш хІунда яц те
хІинцца Хьуна тІаьхьа ван? Сайн са а дІалур ду-кх
ас Хьан дуьхьа».
[38] Іийсас жоп делира: «Хьайн са а дІалур ду боху
ахь Сан дуьхьа? Бакъдерг боху Ас хьоьга: „НІаьна
кхайкха а кхайкхале, кхузза Сох дІакъаьстар ву
хьо“».

### Іийса Дена тІе боьду некъ бу

14 «Сингаттаме ма хуьлийла шун дегнаш. Делах
а тешалаш, Сох а теша. [2] Сан Ден цІахь дуккха
ю чоьнаш. Со шуна меттиг кечъян воьду. Иза
иштта дацахьара, Ас и эр дацара шуьга †. [3] Аса, ваха
а вахана, шуна меттиг кечйина яьлча, тІаккха юха а
веана, Со волчу дІадуьгур ду шу, шу а Со волччохь
хилийтархьама. [4] Со воьдучу метте болу некъ а
бевза шуна».
[5] ТІаккха ТІамас элира Цуьнга: «Веза Эла, тхуна-м
ца хаьа, Хьо стенга воьду, тхуна муха бевзар бу и
некъ?»
[6] Цунна дуьхьал Іийсас элира: «Со бу шуна некъ а,
билггал долу бакъдерг а, дахар а. Цхьа а ца воьду
Дена тІе, Соьгахула бен. [7] Шуна Со вевзахьара, Сан
Да а вевзар вара шуна. Ткъа хІинца дуьйна дІа Иза
вовза а вевзина, ган а гина шуна».
[8] Пилапа элира Іийсага: «Веза Эла, гайтахьа тхуна
Да, иза тоьар дара-кх тхуна тІаккха».
[9] Іийсас элира цуьнга дуьхьал: «Оццул дукха
хенахь дуьйна ву Со шуьца, ткъа хІинца а ца вевза
хьуна Со, Пилап? Со гиначунна Да а гина, ткъа ахьа
и муха боху: „Гайтахьа тхуна Да“? [10] Ткъа хьо ца
теша, Со Деца хиларх а, Да Соьца хиларх а? Аса
шуьга олу дешнаш Соьгара дац. Соьца хуьлуш
волчу Сан Дас деш ду и Шен гІуллакхаш.
[11] Тешалаш Сох, Со Деца хиларх а, Да Соьца хиларх
а. Ткъа шу цунах ца тешахь, Ас дечу
гІуллакхашкахула мукъана а теша Сох. [12] Бакъдерг
боху Ас шуьга: и Ас дийриг Сох тешачуьнга а далур
ду. Кхин а сов гІуллакхаш далур ду цуьнга, хІунда
аьлча Со Сайн Да волчу воьду. [13] ТІаккха аша Сан
цІарах деххнарг Ас кхочушдийр ду, Ден сийлалла
Цуьнан КІантехула гучуяккхархьама. [14] Ткъа аша
хІуъа а Сан цІарах дехахь, Ас кхочушдийр ду иза».

### Делан Са лур ду алар

[15] «Нагахь шуна Со везахь, Ас шайна тІедиллина
гІуллакхаш а кхочушде аша. [16] Ткъа Аса Дега доьхур
ду, тІаккха Цо кхин „гІо Дийриг“ лур ву шуна, Иза
абаде кхаччалц шуьца хилийта. [17] Билггал бакъдерг
гойту Са лур ду шуна, дуьнене тІеэцалур доцу, шена
Иза ган а ца го дела а, И довза а ца девза дела а.
Ткъа шуна девза Иза, И шуьца долу дела а, шуна
чохь И хир долу дела а. [18] Байлахь дуьтур дац Ас шу.
ВогІур ву Со шу долчу. [19] Кестта дуьненна гур вац
Со, амма шуна гур ву Со. Соьца дахар хиларна, шу
а дехар ду ††. [20] Цу дийнахь хуур ду шуна Со Сайн
Деца хилар а, шу Соьца хилар а, Со а шуьца хилар
а. [21] Ас тІедиллина гІуллакхаш тІе а оьцуш, уьш
кхочушдеш верг ву Со везарг. Ткъа Со везнарг Сан
Дена а везар ву. Суна а везар ву иза, Аса Со гойтур
ву цунна».
[22] Искархо а воцуш, кхечу ЯхІуда элира Іийсага:
«Веза Эла! И хІун ду? Хьо тхуна хІунда гайта воллу
Хьо, дуьненна а ца гойтуш?»
[23] Іийсас элира цуьнга: «Нагахь стагана Со везахь,
цо Сан дош лардийр ду. Сан Дена иза везар ву, ткъа
Вай и волчу а гІур ду, ваьшна хІусам а йийр ю
цигахь. [24] Со ца везачо Сан дешнаш а тІе ца оьцу.
Ткъа шуна хезаш долу дош Сан дац. Иза Со
вайтинчу Ден ду.
[25] ХІара Ас дийцира шуьга, Со шуьца а волуш.
[26] Ткъа шуна гІо Дийриг, Шен Са, доуьйтур ду Сан
Дас. Сан дуьхьа доуьйтур долчу цу Делан Сино
хьоьхур ду шуна массо хІума а. Ас шуьга мел
дийцинарг дага а доуьйтур ду Цо шуна.
[27] Машар буьту Ас шуна, Сайн машар ло Ас шуна.
Дуьнено ца луччу тайпана, машар ло Ас шуна.
Синтем боцуш ма хуьлийла шун дегнаш, кхера а ма
лойла уьш.
[28] Шуна хезира-кх Ас шуьга аьлларг: „Со дІавоьду,
юха а вогІур ву Со шу долчу“. Со шайна везахьара,
хазахетар дара шуна Со Дена тІевоьдуш хилар, Сан
Да Сол лакхара волу дела.
[29] ХІинца, хьалхxe, и хилале, дІахоуьйту Ас шуьга,
тІаьхьа и кхочушхилла даьлча, шу тешийтархьама.
[30] Кхин деха дийр дац Ас шуьца къамел, хІунда
аьлча кху дуьненан эла схьавогІу, ткъа цуьнан Суна
тІехь олалла дац. [31] Амма дуьненна а Суна Сайн Да
везий хаийта, Сайна тІедехкина гІуллакхаш, Цо ма-
бохху, кхочуш до Ас.
ХьалагІовтта. Кхузара дІадоьлху вай».

### Іийса кемсийн бакъйолу таьлланг ю

15 «Со кемсийн бакъйолу таьлланг ю, ткъа Сан
Да кемсийн беш Лелорхо ву. [2] Муьлхха а стом
ца луш долу Сан га Цо дІахададо. Ткъа стом луш
долу муьлхха а га цІандо, алссам стоьмаш хилийта.

† *Со шуна меттиг кечъян воьду... дацара шуьга *– я иштта: *Уьш яцахьара, эр дарий Ас шуьга: «Шуна меттиг кечъян воьду Со»?**

†† *Кхин тайпа гочдан мега: *Амма шуна гур ву Со, хІунда аьлча Соьца дахар ду, шу а дехар ду.**

[3] Ас шуна хьехначу дашехула хIинца шу цIена ду.
[4] Шу Соьца хила, ткъа Со Шуьца хир ву. Гаьнно, ша
таьлланг тIехь ца хилча, ша-шегара стом ца кхиоре
терра, иштта шу а хир ду, шу Соьца ца хилча.
[5] Со кемсийн таьлланг ю, ткъа шу гаьннаш ду.
Муьлххачо а ша Соьца волчо а, Со шеца волчо а
шортта стоьмаш кхиор бу. Со воцуш шуьга хIумма
а далур дац.
[6] Милла а Соьца воцург кхоьссина дIа а вохуьйту,
и га санна, иза вакъа а ло. ТIаккха и гаьннаш,
гулдина, цIерга кхуьссу. Уьш цIергахь догу. [7] Нагахь
шу Соьца а хилахь, Сан дешнаш шуьца а хилахь,
шайна луъург дерриге а деха, иза хир ду шуна.
[8] Шортта стом а луш, шу Сан мурдаш хилча, Сан
Ден сийлалла гучуйолу.
[9] Сан Дена Со везаре терра, Суна шу а дезна.
Хуьлийла шу а Сан безамехь. [10] Аса шайна
тIедехкинарш аша кхочушдеш хилча, Сан безамехь
хир ду шу, Сан Ден безамехь Со хиларе терра, Аса а
Сайн Дас тIедехкинарш нийсса кхочушдина дела.
[11] ХIара элира Ас шуьга, Сайн хазахетар шуна чохь
хилийтархьама а, и шун хазахетар дуьззина
хилийтархьама а. [12] †ХIара ду Ас шуна тIедуьллург:
„Дезийла шуна вовшийн, Суна шу дезадаларе
терра“. [13] Шен доттагIашна хьалхара шен са а
дIадаллал болчу безамал сов безам цхьанна а хир
бац. [14] Шу Сан доттагIий ду, нагахь аша Ас
тIедиллина гIуллакх кхочушдахь. [15] ХIинца ца олу
Ас шух ялхой, хIунда аьлча ялхочунна шен олахочо
дийриг ца хаьа. Амма шух Ас доттагIий аьлла, Сайн
Дегара хезнарг дерриге а Ас шуьга дIахаийтина
дела. [16] Аша Со ца хаьржина, амма Ас, харжа а
хаьржина, дIахIиттийна шу. Ас шу къобалдина, шу
дахханчохь, шуьга лаьттан стоьмаш кхиадайта.
ТIаккха аш Сан цIарах хIуъа а Сан Дега деххнарг Цо
шуна лур ду. [17] Ткъа хIара тIедуьллу Ас шуна:
вовшийн дезалаш».

### Дуьненан цабезам

[18] «Дуьненна шаьш ца дезалахь, хаалаш, шул
хьалха Со а дуьненна ца везна хилар. [19] Шу кху
дуьненара делахьара, цу дуьненна шу, шайнаш
санна, дезар дара. Амма шу кху дуьненан долахь
дац. Ас шу дуьненна юккъера схьахаьржина долу
дела, ца деза шу дуьненна.
[20] ††Дагахь латтаделаш Аса шайга аьлла дош:
„Ялхо шен олахочул лакхара вац“. Нагахь Соьга
халонаш хьегийтинехь, шуьга а хьоьгуьйтур ю.
Нагахь Сан дош нийсса кхочушдеш хиллехь, шун
дош а кхочушдийр ду.
[21] И дерриг а дийр ду шуна Сан цIе бахьана
долуш, хIунда аьлча Со Ваийтинарг царна ца вевза.
[22] Нагахь Аса, веана, цаьрга ца дийцинехьара,
уьш шайн къиношна бехке хир бацара. ХIинца
шайн къиношна уьш бехказа бац. [23] Со ца
везачунна Сан Да а ца веза. [24] Нагахь Ас кхин
цхьаммо а дина доцу гIуллакхаш царна юкъахь ца
динехьара, тIаккха царна тIехь къа а хир дацара.
Ткъа хIинца, и гIуллакхаш шайна гина доллушехь,
ца вийзира царна Со а, Сан Да а. [25] ‡Амма иза
хилира, церан товрат-хьехамаш тIехь яздинарг
кхочушхилийта: „Со ца веза бахьана дацара
церан“.
[26] Ас воуьйтур ву шуна Сайн Дегара гIо Дийриг –
Дегара схьадолу бакъдерг гойту Са доуьйтур ду
шуна. Цо, деача, тоьшалла дийр ду Сох. [27] Ткъа
шаьш юьххьехь дуьйна а Соьца хиларна, аша а
тоьшалла дийр ду Сох».

16 «ХIара элира Ас шуьга, шу тешар тIера юха
ца довлийтархьама. [2] Гуламан цIенойх
дIакъастор ду шу. Цул сов, тIекхочуш ю и зама,
муьлххачунна а, шух цхьаъ ша вийча, ша Далла
гIуллакх до моьттуш. [3] И гIуллакхаш лелор ду цара,
шайна я Да а, я Со а ца вевзина дела. [4] ХIара элира
Ас шуьга, и зама тIееача, шуна дагадаийтархьама
оцу дерригенах лаьцна Ас шайга аьлларг».

### Делан Синан болх

«ХIинццалц ца аьллера Ас шуьга иза, Со шуьца
цхьаьна хилла дела. [5] Ткъа хIинца Со
Ваийтинчунна тIевоьду Со. Шух цхьаммо а ца хотту
Соьга: „Хьо стенга воьду?“ [6] Амма Аса шайга и
дIахаийтарна, шун дегнаш гIайгIанах дуьзна ду.
[7] Ткъа Аса бакъдерг боху шуьга: „Со дIавахар гIоле
ю шуна“. Нагахь Со дIа ца вахча, шуна гIо Дийриг
вогIур вац, ткъа Со дIавахча, воуьйтур ву Ас Иза
шуна. [8] Ша веача, Цо гучудоккхур ду дуьненна
цуьнан къинойх а, бакъонцалеларх а, кхелах а
лаьцна йолчу агIор дуьне тиладалар. [9] Цо гойтур ду
дуьнено Сох цатешарна латийна къа. [10] ТIаккха Цо
гойтур ду дуьне бакъонца цалелар, хIунда аьлча Со
Дена тIе гIур ву. Со кхин гур вац шуна. [11] Ткъа цу
Делан Сино гойтур ду Делан кхелах лаьцна дуьне
тиладелла хилар, хIунда аьлча кху дуьненан элана
кхел йина.
[12] Кхин дуккха а дара Сан шуьга ала, амма цкъа
хIинца кхетар дац шу. [13] Ткъа и бакъдерг гойтуш
долу Са схьадеача, Цо билггал бакъболчу новкъа
дохур ду шу, хIунда аьлча Цо Шегара бохур дац,
амма Шена хезнарг дуьйцур ду, тIейогIучу хенахь
хиндерг хоуьйтур ду Цо шуна. [14] Цо Сан сийлалла
ойур ю, хIунда аьлча Соьгарчух дIа а эцна, Цо
довзуьйтур ду шуна иза. [15] Ден мел долу хIума а Сан
ду. Цундела элира Ас, Цо, Соьгарчух дIа а эцна,
шуна довзуьйтур ду иза аьлла».

### Халахетар а, хазахетар а

[16] «Кестта Со гур вац шуна. ТIаккха юха а кестта
гур ву шуна Со».
[17] ТIаккха цхьаболчу мурдаша вовшашка элира:
«И хIун ду те Цо вайга бохург: „Кестта Со гур вац

† *15:12 Яхьъя 13:34; 15:17; 1 Яхьъяс 3:23; 2 Яхьъяс 1:5.* †† *15:20 Маттай 10:24; Лака 6:40; Яхьъя 13:16.*

‡ *15:25 Забур 34:19; 68:5.*

шуна, юха а кестта Со гур ву шуна?“ Кхин а: „Со
Сайн Да волчу воьду“?»
18 Иштта цара бохура: «И хIун ду те Кхо бохург:
„Кестта“? Ца кхета-кх вай Кхо бохучух».
19 Ткъа Iийса кхийтира, Шега уьш хIун хатта лууш
бу. ТIаккха Цо мурдашка элира: «Ас шайга аьлларг
хIун ду те бохуш, вовшашка хоьттуш ду шу: „Кестта
Со гур вац шуна, тIаккха юха а кестта гур ву шуна“?
20 Баккъалла боху Ас шуьга: Шу узарш деш а,
доьлхуш а хир ду, ткъа дуьненна хазахетар ду. Шу
халахетта хир ду, амма шун халахетар хазахетаре
доьрзур ду. 21 Бер деш йолу зуда хуьлу гIайгIане,
шен бер до хан тIекхаьчна дела, ткъа шен бер
хилла даьлча, хазахетарна и гIайгIа йицло цунна,
ша адам дуьнен чу даккхарна. 22 Иштта шу а хIинца
гIайгIане ду, амма Суна юха гур ду шу, тIаккха
хазахетар хир ду шун дегнашна. И шун хазахетар
цхьаммо а дIадоккхур дац шуьгара. 23 ТIаккха цу
дийнахь хIумма а хоттур дац аша Соьга. Баккъалла
боху Ас шуьга: нагахь Сан цIарах цхьа хIума аша
Дега дехахь, лур ду Цо шуна. 24 ХIинццалц хIумма а
ца дехнера аша Сан цIарах. Ткъа хIинца деха, лур
ду шуна, шун хазахетар дуьззина хилийтархьама».

### Дуьненна тIехь толам баккхар

25 «ХIара кицанашца элира Ас шуьга. Амма
тIейогIуш ю и зама, Ас шуьга кхин кицанашца а ца
дуьйцуш, ма-дарра Сайн Дех лаьцна шуна
дIаккхайкхош. 26 Цу дийнахь шаьш доьхур ду аша
Сан цIарах. Ас ца боху шуьга, шун метта Ас деха
дезар ду Дега. 27 ХIунда аьлча Дена Шена а деза шу,
шуна Со везна дела а, Со Дех схьаваьлла хиларх шу
тешна дела а.
28 Дех схьа а ваьлла, дуьнен чу веанера Со, ткъа
хIинца, юха а хIара дуьне дитина, Дена тIевоьду
Со».
29 ТIаккха Iийсан мурдаша элира: «ХIаъ, хIинца-м
тхо кхетадеш схьабоху Ахь тхоьга, кицанашца а ца
дуьйцуш. 30 ХIинца кхета тхо Хьуна дерриг хаьий,
цхьаммо хаттарш а дале, уьш Хьуна девзий.
Цундела теша тхо Хьо Делера схьаваьлла хиларх».
31 Iийсас жоп делира царна: «ХIинца теша шу?
32 Ткъа хIинца тIекхоччуш лаьтта, тIекхаьчна а
даьлла и сахьт, шу дерриш а дIаса а даьржина,
хIора а шайн-шайн цIа а вирзина, Со цхьа а
вуьтуш. Амма Со цхьа вац, Соьца Сан Да волу дела.
33 ХIара элира Ас шуьга, Соьгахула шун машар
хилийтархьама. Дуьненахь гIайгIа хир ю шун, амма
доьналла долуш хилалаш! Со тоьлла дуьненал».

### Iийсан доIа

17 И дешнаш а аьлла, Шен бIаьргаш стигала
хьала а хьажийна, Iийсас элира: «Дада!
ТIедеана и сахьт. Гайтахьа Хьайн КIентан сийлалла,
Цуьнга а Хьайн сийлалла гайтийта. 2 ХIунда аьлча
массо а адамна тIехь олалла дан бакъо елла Ахь
Цунна, Ахьа Шена беллачарна массарна а Хьо
волчохь хедар доцу дахар Цуьнга далийтархьама.
3 Ткъа Хьо волчохь хедар доцу дахар бохург ду:
цхьаъ бен воцу бакъволу Дела волу Хьо а, Ахьа
дуьнен чу вахийтина волу Айхьа леррина
къобалвина волу Iийса а вовзар. 4 Ахьа Сайна
тIедиллина гIуллакх кхочуш а дина, кху лаьттахь
Хьан сийлалла гайти Ас. 5 Ткъа хIинца, Дада, Ахьа
сийлахьвехьа Со Хьайна хьалха, дуьне кхоллале
дуьйна а, Хьо волчохь Сан хилла долчу
сийлаллица.
6 Ахьа кху дуьнен чохь Сайна делла долчу
адамашна, гучуяьккхира Ас Хьан цIе. Уьш Хьан
дара, ткъа Ахьа Суна деллера уьш. Цара Хьан дош
лардира. 7 Ткъа хIинца хаьа царна дерриг Ахь Суна
делларг Хьоьгара хилар. 8 И Ахь Суна делла
дешнаш Ас цаьрга дIаделла. Ткъа цара и дешнаш
тIеийцира. Уьш кхийтира, баккъал а Со Хьох
схьаваьллий. Уьш тийшира Со Ахьа вахийтина
хиларх. 9 Ас доьху Хьоьга царна тIера. Ас ца доьху
дуьненарчу дерриге а адамашна тIера, амма Ахь
Суна деллачарна тIера, уьш Хьан долу дела. 10 Сан
мел дерг Хьан ду, ткъа Хьайниг Сан ду. Цаьргахула
Сан сийлалла гучуяьлла. 11 Со хIинца дуьйна кху
дуьненахь хир вац, амма уьш дуьненахь бу. Ткъа
Со Хьо волчу вогIу. Веза Дада! И Айхьа Суна
белларш Хьайн цIеран олаллица † Iалашбехьа,
Ахьа Суна белла болу уьш а, Вайшиъ санна,
цхьаалла йолуш хилийтархьама. 12 ††Со цаьрца
дуьнен чохь волчу хенахь, Ахьа Суна деллачу Хьан
цIеран олаллица Ас уьш Iалашбира. Царах цхьа а
Ас ца вайира, хIаллакьхила везаш волу стаг воцург,
*Делан Йозанаш* тIехь дерг кхочушхилийтархьама.
13 Ткъа хIинца Хьуна тIевогIу Со. Амма хIара Ас
хIинца Со дуьненахь волуш боху, Сан хазахетар ма-
дарра, церан дегнаш чохь иза дуьззина
хилийтархьама. 14 Ас Хьан дош царна деара, амма
дуьненна и адамаш ца дийзира, уьш, Со санна, кху
дуьненара доцу дела. 15 Ас ца доьху Ахь и нах кху
дуьненара дIаэцар, амма доьху Ахь уьш вонах
ларбар. 16 Уьш а, Со санна, кху дуьненах бац.
17 Хьайн билггал долчу бакъдолчуьнца уьш Хьайн
дола бахахьа. Хьан дош ду бакъдерг. 18 Ахьа Со
дуьнен чу ваийтаре терра, Ас уьш а хьажабо
дуьнен чу. 19 Аса церан дуьхьа Со дIало Хьан дола,
уьш а бакъдолчуьнца Хьан дола бахийтархьама.
20 Ас доьху Хьоьга, деккъа церан дуьхьа а доцуш,
амма церан дешнашкахула Сох тешар долчеран
дуьхьа а. 21 Ас доьху уьш берриш цхьаъ хилийта.
Хьо, Сан Дада, Соьца а, Со Хьоьца а санна, уьш а
Вайца хилийтахь, Со Ахь ваийтина хиларх дуьне
тешийтархьама. 22 Ахь Суна делла долу сийлалла Ас
царна а делла, уьш а, Вайшиъ санна, цхьаъ
хилийтархьама. 23 Со цаьрца а, Хьо Соьца а санна,
хуьлийла уьш а кхоччуш цхьаалла йолуш, дуьне

† *Хьайн цIеран олаллица *– цхьадолчу тIаьхьа арадевллачу тептарш тIехь: *Хьайн дуьхьа.** †† *17:12 Забур 40:10; Яхьъя 13:18.*

тешийтархьама Ахьа Со вахийтина хиларх а, Со
санна, Хьуна уьш безна хиларх а.
24 Дада! И Ахь Суна белларш Со волчохь Соьца
хила лаьара Суна. Царна а ган лаьа Суна Ахь делла
долу сийлалла, хIунда аьлча Хьуна Со дуьне
кхоллале дуьйна а везнера. 25 Бакъволу Дада!
Дуьненна ца вевзира Хьо, ткъа Суна вевза Хьо.
Ахьа къастийначарна а хиира Ахь Со ваийтина
хилар. 26 Аса гучуяьkkхира царна Хьан цIе, хIинца
чул тIаьхьа а гучуйоkkхур ю, Хьан Соьга боллу
безам церан хилийта а, Со цаьрца хилийта а».

### Iийсана ямартло яр а, Иза лацар а

(Маттай 26:47-56; Марк 14:43-50; Лака 22:47-53)

18 Шен доIа дина а ваьлла, Iийса Шен
мурдашца Кхидрун-хин тогIина дуьхьал агIор
йолчу беша дIаволавелира. Цу беша бевлира Iийса
а, Цуьнан мурдаш а. 2 Ткъа Iийсана ямартло еш
волчу ЯхIудана а евзара и меттиг, хIунда аьлча
Iийса а, Цуьнан мурдаш а кест-кестта гуллора
цигахь. 3 Иштта ЯхIуд а веара цига, шеца римхойн
тIемалойн тоба а, динан коьртачу дайша а,
парушхоша а хьовсийна гIаролхой а балош. Церан
карахь стогарш а, цIераш латийна хаьштигаш а,
герз а дара.
4 Ткъа хьалххе дуьйна а Шех хин дерг хууш волчу
Iийсас, хьалха а ваьлла, элира цаьрга: «Аша мила
лоьху?»
5 Цунна жоп делира: «Назартера Iийса лоьху», –
аьлла.
ТIаккха Iийсас элира: «Со ву-кх Иза».
Ткъа баьхкинчаьрца лаьтташ Iийсана ямартло еш
волу ЯхIуд вара. 6 Iийсас «Со ву Иза» аьлча, уьш
берриш, юха а бевлла, лаьтта охьаийгира.
7 ТIаккха Iийсас юха а хаьттира цаьрга: «Аша мила
лоьху?»
Цара жоп делира: «Назартера Iийса», – аьлла.
8 Ткъа Iийсас элира: «Ас элира шуьга, Со ву И,
аьлла. Нагахь аша Со лехахь, хIорш, Iадбитий,
дIабахийта».
9 Иштта кхочушхилира Iийсас аьлла дешнаш:
«Ахь Суна беллачех Ас цхьа а ца вайина».
10 ТIаккха шегахь тур долчу ШамIа-Кипас, иза
баттара а даьkkхина, динан коьртачу ден
ялхочунна тур а тоьхна, цуьнан аьтту лерг
тIерадаьkkхира. Оцу ялхочун цIе Малх яра.
11 †Iийсас Кипе элира: «Батта чу дилла хьайн тур.
Сайн Дас мала аьлла белла баланийн кад ца молуш
Iийр вара ткъа Со?»

### Iийса динан коьртачу дена хьалха валавар

12 Цул тIаьхьа тIемалоша а, церан коьртачу
хьаькамо а, динан куьйгалхоша схьабахкийтинчу
гIаролхоша а Iийса, схьа а лаьцна, дIавихкира.
13 ТIаккха Iаннина тIевигира цара Iийса, Iанна цу
шарахь *динан коьрта да* волчу Кайбан стунда
хиларна. 14 ††Ткъа Кайба вара динан куьйгалхошка,
халкъан дуьхьа цхьа стаг валар гIоле ю аьлла,
хьехам бинарг.

### Кипас Iийса дIатасар

(Маттай 26:69, 70; Марк 14:66-68; Лака 22:55-57)

15 Iийсана тIаьхьахIоьттина воьдуш вара ШамIа-
Кипа а, кхин цхьа мурд а. И мурд динан коьртачу
дена вевзаш вара, цундела иза Iийсаца цхьаьна
динан коьртачу ден керта чу велира. 16 Ткъа Кипа
кертан кевнал арахьа лаьтташ вара. ТIаккха оцу
динан коьртачу дена вевзаш волчу вукху мурдо,
ара а ваьлла, кертан кевнехь гIарол дечу зудчуьнга
а аьлла, Кипа чоьхьа ваьkkхира. 17 ТIаккха оцу
кевнехь лаьттачу зуда-ялхочо Кипе элира: «Хьо а
вац хIокху Стеган мурдех?»
Кипас элира: «Вац».

### Динан коьртачу дас Iийсага барт хаттар

18 Цигахь шийла хиларна, кIора багош, бохлуш
лаьтташ леш а, гIаролхой а бара. Цаьрца вохлуш
лаьтташ Кипа а вара.
19 Динан коьртачу дас мурдех а, Цо бечу хьехамех
а лаьцна хаьттира Iийсага. 20 Iийсас жоп делира
цуьнга: «Аса, хьул ца деш, дерриг дIадийцира
дуьнене. Гуттара а гуламан цIеношкахь я *Делан цIа*
чохь, вайн массо нах гуллучохь, хьехамаш бора
Аса. Аса къайлаха хIумма а ца дуьйцура. 21 Ахьа
Соьга хIунда хоьтту и? Хезначаьрга хатта, Аса
шайга хIун дуьйцура. Царна хаьа хьуна, Аса хIун
аьлла».
22 Iийсас и аьлча, юххехьа лаьттачу гIаролхочо,
Iийсан юьхь тIе тIара а тоьхна, элира Цуьнга:
«Иштта жоп лур дара Ахьа динан коьртачу дега?»
23 Iийсас жоп делира цуьнга: «Ас цхьа хIума нийса
ца аьллехь, схьаала, иза иштта дац аьлла. Аса
нийса аьллехь, Суна хIунда етта ахь?»
24 ТIаккха Iийса, вихкина а волуш, динан коьрта
да волчу Кайбана тIехьажийра Iаннас.

### Кипас юха а Iийса дIатасар

(Маттай 26:71-75; Марк 14:69-72; Лака 22:58-62)

25 Ткъа ШамIа-Кипа хIинца а вохлуш лаьтташ
вара. ТIаккха элира цуьнга: «Хьо-м вац те Цуьнан
мурдех?»
«Вац», – аьлла, дIахадийра Кипас.
26 Кипас лерг даьkkхинчун гергара волчу, динан
коьртачу ден ялхойх цхьаммо элира: «Хьо вацара
Цуьнца цхьаьна бешахь суна гинарг?» 27 Иштта
Кипас юха а элира: «Вацара». Ткъа цу сохьта нIаьна
кхайкхира.

### Iийса Пулатана хьалха схьавалаво

(Маттай 27:1, 2, 11-14; Марк 15:1-5; Лака 23:1-5)

28 Иштта Кайба волчуьра римхойн урхалхочун
гIишлона чу вигира Iийса. Цу хенахь Iуьйре яра.

† *18:11 Маттай 26:39; Марк 14:36; Лака 22:42.*

†† *18:14 Яхьъя 11:49, 50.*

Динан куьйгалхой шаьш гIишлона чу ца бевлира,
Далла хьалха сийсаз ца бовла, шайн Пасахьан
суьйренан пхьор даархьама. 29 ГIишло чуьра
араваьллачу Пулата динан куьйгалхошка хьаьттира:
«Кху стагана дуьхьал баккха хIун бехк балабо аша?»
30 Цара, жоп луш, элира: «Цо зулам ца динехьара,
хьан кара дIавелла хир вацара оха Иза».
31 ТIаккха Пулата элира цаьрга: «Аша, Иза дIа а
эций, шайн Iедало ма-бохху, кхел е Цунна».
Динан куьйгалхоша элира: «Тхуна цхьанна а
веран кхел яр кхочушдан ца магадо».
32 †Иза хилира Iийсас Шен валар муха хир ду
дIахоуьйтуш аьлла долу дешнаш
кхочушхилийтархьама. 33 ТIаккха Пулата, юха а
гIишло чу а вахана, Iийса шена тIе а кхайккхина,
хаьттира Цуьнга: «Хьо жуьгтийн къоман Паччахь
ву?»
34 Iийсас жоп делира: «Хьайгара боху те ахьа иза,
я кхечара аьлла те хьоьга Сох лаьцна?»
35 Пулата, жоп луш, элира: «Жуьгти ву ткъа со?
Хьан халкъо а, динан коьртачу дайша а схьавелла-
кх Хьо сан кара. Ахь хIун дина?»
36 Iийсас жоп делира: «Сан Пачхьалкх кху
дуьненара яц. Нагахь Сан Пачхьалкх кху дуьненара
елахьара, Сан ялхой, Со динан куьйгалхойн кара ца
вахийта, Сан дуьхьа летар бара. Ткъа хIинца Сан
пачхьалкх кхузара яц».
37 ТIаккха Пулата элира Iийсага: «Хетарехь, Хьо
хIетте а Паччахь ву-кх?»
Iийсас жоп делира: «Ахь боху-кх Со Паччахь ву. Со
кху дуьнен чу веана бакъдолчух тоьшалла
дархьама. Муьлххачо а, ша билггал бакъдолчух
волчо, ладугIу Сан озе».
38 Цунна дуьхьал Пулата хаьттира: «Билггал
бакъдерг хIун ду?»

### Iийса вен кхел йо

(Маттай 27:15-31; Марк 15:6-20; Лака 23:13-25)

Иза а аьлла, Пулат юха динан куьйгалхошна
тIевахара. Цо элира: «Цуьнан бехк болуш цхьа а
хIума ца го суна. 39 Пасахьан дийнахь гуттара а деш
цхьа хIума ма ду шун: тутмакхех цхьаъ
паргIатвоккхуьйтуш. Иштта, ас хIара жуьгтийн
къоман Паччахь дIахеца лаьий шуна?»
40 Цара маьхьарий хьаькхира: «ХIара ма хеца,
Барраб схьахеца», – аьлла. Ткъа Барраб талорхо
вара.
19 ТIаккха Пулата омра дира, Iийса дIа а вигий,
Цунна шодмаш етта аьлла. 2 Ткъа тIемалоша,
коканийн коьллех кочар †† а дуьйцина, иза Iийсан
коьрта тIе диллира. Ткъа Iийсана цIен бос болу оба
‡ тIеахоьллира. 3 Цул тIаьхьа, Iийсана тIе а хIуьттуш,
наха олура: «Декъала хуьлда жуьгтийн къоман
Паччахь!» ТIаккха цара Цуьнан юьхь тIе еттара.
4 Юха а араваьлла, Пулата элира цаьрга: «ХIинца
аса аравоккху ХIара шуна хьалха, сайна Кхуьнгара
даьлла цхьа а бехк болу хIума ца карийна аьлла,
шуна хаийтархьама». 5 ТIаккха, коьрта тIехь
коьллех дуьйцина кочар а долуш, тIе цIен духар
дуьйхина волу Iийса гIишло чуьра аравелира.
Пулата нахе элира: «ХIара ву и Стаг».
6 Iийса шайна гича, динан коьртачу дайша а,
гIаролхоша а маьхьарий хьаькхира: «ЖIарах
дIатоха Иза! ЖIарах дIатоха Иза!» – бохуш.
ТIаккха Пулата элира цаьрга: «Схьа а эций, шаьш
дIатоха Иза, хIунда аьлча суна Цуьнгара баьлла
цхьа а бехк ца го».
7 Ткъа динан куьйгалхоша элира Пулате: «Тхан
товрат-хьехамаш бу, цу хьехамашца доьзча, Иза
вала веза, Цо Ша *Делан КIант* ву боху дела».
8 Пулатана и дешнаш хезча, иза кхин тIе а
кхеравелира. 9 Цо, юха а гIалин гIишло чу а ваьлла,
Iийсага хаьттира: «Хьо мичара ву?» – аьлла. Ткъа
Iийсас цуьнга жоп ца делира. 10 ТIаккха Пулата
элира Iийсага: «Соьга а эр дацара Ахьа? Ткъа Хьуна
ца хаьа, сан карахь дуйла, сайна лаахь, Хьо дIахеца
а, сайна лаахь, Хьо жIарах дIатохийта а?»
11 Iийсас жоп делира цуьнга: «Суна тIехь цхьана а
тайпана олалла хир дацара хьан, хьуна иза лакхара
делла дацахьара. Ткъа цундела Со хьоьга
дIавеллачунна тIехь кхин а сов къа ду».
12 Цу хенахь дуьйна Пулат Iийса дIахеца бахьана
лоьхуш вара. Амма наха, маьхьарий хьоькхуш,
бохура: «Нагахь ахьа Иза дIахецахь, хьо Рим-
мехкан паччахьан доттагIа вац. Муьлхха а шех
паччахь веш верг Рим-мехкан паччахьан мостагIа
ву».
13 И дешнаш хезча, Пулат, Iийса ара а ваькккхина,
Литхьасторта олучу, Iебархойн маттахь Габбата цIе
йолчу меттигехь кхел ян охьахиира. 14 И дерриге а
пIераскан дийнахь дара, Пасахьан деза де хила
дезачу кIирнах. Делкъахан а яра цу хенахь. ТIаккха:
«ХIан, ХIара ву шуна шун Паччахь!» – элира Пулата
нахе.
15 ТIаккха цара маьхьарий хьоькхура: «ДIаваккха
Иза! ДIаваккха! ЖIарах дIатоха Иза!» – бохуш.
Пулата элира цаьрга: «Ва шун Паччахь жIарах
дIатоха веза ас?»
Динан коьртачу дайша жоп делира: «Вац тхан
кхин паччахь Рим-мехкан тхешан паччахь воцург».

### Iийса жIарах дIатохар

16 ТIаккха Пулата цаьрга дIавелира Iийса, Иза
жIарах дIатохийтархьама. Иштта Iийса, схьа а
лаьцна, дIавигира цара. 17 Ша бахьа беза жIаран
бIогIам ги а боьллина, «туьтанан меттиг» олучу
меттиге дIаволавелира Iийса (Iебархойн маттахь и
меттиг «Галгатхьа» олуш ю). 18 Цигахь Iийса жIарах
дIатуьйхира цара. Iийсаца цхьаьна кхин а ши стаг
вара жIарех дIатоьхна, Iийса юккъехь а волуш,
Цунна дехьа а, сехьа а агIор. 19 Пулата, дечиган
уьнан юьхкана тIе йоза а яздина, иза жIаран

---

† *18:32 Яхьъя 3:14; 12:32.* †† *Кочар *– паччахьан таж санна.** ‡ *ЦIен бос болу оба *– иштта обанаш паччахьаша тIеюхуш хилла.**

бIогIам тIе дIатохийтира. Цу тIехь яздина дара: «Назартера Iийса, жуьгтийн къоман Паччахь».

20 И яздина дерг дукхах болчу наха дийшира, хIунда аьлча Iийса жIарах дIатоьхна йолу и меттиг гIалина генахь йоццуш яра. И яздинарг кхаа маттахь дара: жуьгтийн, римхойн, грекийн меттанашкахь.

21 Динан коьртачу дайша элира Пулате: «Иштта ма язде „Жуьгтийн къоман Паччахь“, – аьлла. Амма язде иштта: „Цо боху, Со Жуьгтийн къоман Паччахь ву“».

22 Пулата элира: «Ас яздинарг яздина даьлла».

23 Iийса жIарах дIатоьхна бевлча, тIемалоша Цуьнан тIеюху хIуманаш схьа а эцна, уьш деа декъе йийкъира, хIора тIемалочунна цхьацца дакъа а луш. Iийсан чухула юху еха коч а яра цигахь. И коч тегна а йоцуш, лакхара охьакхаччалц, дийнна кIадих йина яра. 24 †ТIаккха тIемалоша вовшашка элира: «ХIара коч этIор яц вай. ХIокхунна кхаж а тесна, и хьанна кхочу хьовсур ду вай».

Дерриг а иштта хила а хилира, Делан Йозанашна тIехь яздинарг кхочушдеш:

«Цара вовшашлахь йийкъира Сан тIеюху хIуманаш,
кхаж а тесира цара, Сан коч хьанна кхочу хьожуш».

ТIемалоша иза иштта дан а дира.

25 Iийса дIатоьхначу жIарана уллохь льтташ бара Iийсан нана а, ненан йиша а, Кхалайпан зуда Марем а, Магдалера Марем а. 26 ТIаккха Iийсас, Шен нана а, цунна юххехь льтта, Шена къаьсттина дукха везаш волу мурд а гина, нене элира: «Нана, хIара хир ву хьан кIант». 27 Цул тIаьхьа мурде а элира Цо: «ХIара хьан нана ю». Цу сахьтехь дуьйна шеца ша волчу дIайигира цу мурдо иза.

### Iийсан пIендаршна юккъе гоьмукъ Iутту

28 ††Цул тIаьхьа дерриг а кхочушхилла даьллий хууш вара Iийса. ТIаккха, Делан Йозанашна тIехь яздинарг кхочушхилийтархьама, Цо элира: «Хьогах ву Со».

29 Юххехь льтташ кхаба яра, чохь юьззина кемсийн къонза а долуш. ТIаккха тIемалочо, цу кхаби чу худург а Iоьттина, иза ораматан гаьнна тIе а йихкина, Iийсан бете яьхьира. 30 Къонза а мелла, Iийсас элира: «Кхочушхили!» ТIаккха, корта охьа а оллийна, Шен са дIаделира Цо.

31 И дерриг пIераскан дийнахь хиларна, догIмаш жIарана тIехь дита ца лаьара динан куьйгалхошна, хIунда аьлча тIедогIуш Далла лерина шоьтан де дара. Ткъа цу шоьтан дийнахь доккха деза де долу дела, цара Пулате дийхира, жIарах дIатоьхна болчеран настарш каг а йина, жIараш тIера церан догIмаш дIадахийтахьара аьлла.

32 Иштта тIемалоша, схьа а баьхкина, Iийсана цхьацца агIор дIатоьхначеран настарш кегийра. 33 Ткъа Iийсана тIебахча, Иза дIакхелханий а гина, Цуьнан настарш ца кегйира цара. 34 Ткъа тIемалойх цхьаммо шегара *гоьмукъ* туьйхира Iийсан агIонах, пIендаршна юккъе. Цу сохьта цIий а, хи а охьадахара. 35 И хилларг гиначо тоьшалла дина, шу а цунах тешийтархьама ‡. Ткъа цуьнан тоьшалла бакъ а ду, цунна ша бакъдерг бохий а хаьа. 36 ‡†Иза хилла дIахIоьттира, Делан Йозанаш тIехь яздина дерг кхочушхилийтархьама: «Цуьнан цхьа а даьIахк кагйина хир яц», – аьлла. 37 ‡‡Делан Йозанийн кхечу меттехь кхин а аьлла ду: «Шаьш дегIах гоьмукъ чекхбаькххиначуьнга хьовсур бу уьш».

### Iийсан дIаволлар

(Маттай 27:57-61; Марк 15:42-47; Лака 23:50-56)

38 Цул тIаьхьа Рамат цIе йолчу гIалара а волуш, динан куьйгалхойх ша ца вахьарна, Iийсан къайлаха мурд а волуш волчу Юсупа Пулате дийхира, Iийсан дегI жIара тIера схьадаккха шена бакъо ялар. Пулата и дан бакъо елира Юсупна. ТIаккха цо, вахана, и дегI жIара тIера схьадаькккхира. 39 ‡‡†Хьалха, буьйсанна Iийса волчу а оьхуш, Цуьнца къамел дина волу Нукха-Деми веара Юсупца цига. Нукха-Демис шеца кхузткъе итт *герка* гергга хаза хьожа йогIу деза хьакхарш а, *сарап* олу молха а, цхьаьна а тоьхна, схьадеанера. 40 Цара, Iийсан дакъа схьа а эцна, Иза хаза хьожа йогIу хьакхарш хьаькхна долчу кIади юкъа хьарчийра, жуьгтийн Iедалехь стаг дIавуллуш ма-дарра.

41 Iийса жIарах дIатоьхначу меттигна юххехь беш яра. Цу бешахь яькккхина, шена чу хIинца а цхьа а виллаза къубба яра. 42 И дерриг а жуьгташа шоьтан денна кечам беш долу пIераскан дийнахь долу дела а, и къубба генахь йоцу дела а, Iийса цу чу виллира.

### Iийса веллачуьра денвалар

(Маттай 28:1-8; Марк 16:1-8; Лака 24:1-12)

**20** Ткъа кIирандийнахь, хьалхxе, са а тасале, Магдал-юьртара Марем къубба йолчу еара. Цигахь къуббанна дуьхьал биллина болу тIулг дIакарчийна гира Маремана. 2 ТIаккха Марем, едда, Кипина а, Iийсана къаьсттина везаш хилла волчу кхечу мурдана а тIееара. Цо элира цаьрга: «Веза Эла къуббанна чуьра дIаваьхьна, ткъа Иза мича охьавиллина ца хаьа».

3 ТIаккха Кипа а, и важа мурд а, ара а ваьлла, къубба йолчу вахара. 4 И шиъ цхьаьна ведира, амма важа мурд, сихо ведда, Кипел хьалха а ваьлла, къубба йолчу хьалха кхечира. 5 ТIаккха

† *19:24 Забур 21:19.* †† *19:28 Забур 68:22; 21:16.*

‡ *Цхьадолчу тептарш тIехь: *шу а цунах тешаш хилархьама.** ‡† *19:36 Арадаккхар 12:46; Лелар 9:12; Забур 33:21.* ‡‡ *19:37 Закри-ЯхIу 12:10; Довзийтинарг 1:7.* ‡‡† *19:39 Яхьъя 3:1, 2.*

охьатаьIначу мурдана Iохкуш кIадинан кескаш
гира, амма иза цу чу ца велира. 6 Цул тIаьхьа
ШамIа-Кипа а схьакхечира цу мурдана тIаьххье.
Къуббанна чуваьллачу Кипина а гира Iохкуш йолу
еккъа кIадинан кескаш. 7 Iийсан коьртах хьарчийна
хилла долу йовлакх, цу кескашца а доцуш,
хьарчийна ма-хиллара, къаьсттина, кхечу меттехь
Iуьллуш дара. 8 Цу хенахь хьалхаваьлла
схьакхаьчна волу важа мурд а къуббанна чувелира.
Иза, и дерриг ган а гина, тийшира. 9 ХIунда аьлча
уьш хIинца а *Делан Йозанаш* тIехь яздина долчу
*Дала леррина Къобалвинарг* веллачуьра денвала
везарх ца кхетара. 10 Иштта мурдаш юхабирзира.

### Iийсас Ша Магдалера Маремана гайтар

(Маттай 28:9, 10; Марк 16:9-11)

11 Ткъа Марем къуббанна уллохь йоьлхуш
лаьттара. Йоьлхуш йолу иза къуббанна тIе
охьатаьIира. 12 Цу хенахь Маремана, тIехь кIайн
хIуманаш а йолуш, хиъна Iаш ши *малик* гира:
царах цхьаъ коьртехь, важа когашкахь дара Iийса
охьавиллина хиллачу меттехь. 13 ТIаккха цара
Мареме элира: «Зуда! Хьо хIунда йоьлху?»
Марема жоп делира: «Сан Веза Эла дIа а ваьхьна,
Иза мичахь охьавиллина сайна ца хаьа дела,
йоьлху со».
14 И аьлла, Марем юхахьаьжча, лаьтташ волу
Iийса гира цунна. Маремана ца хаьара Иза Iийса
вуйла. 15 Iийсас элира цуьнга: «Зуда, хьо хIунда
йоьлху? Ахьа мила лоьху?»
Ткъа Марема, Иза бешахо ву моттаделла, элира
Цуьнга: «Сан ваша, Иза ахьа дIаваьхьнехь, алахь
соьга, ахьа Иза мича охьавиллина, аса Иза
схьаоьцур вара».
16 Iийсас элира цуьнга: «Марем!»
Ткъа Марема, юха а йирзина, арамхойн маттахь
элира Цуьнга: «Раббуни!» (иза «Устаз» бохург ду).
17 ТIаккха Iийсас элира Мареме: «Сацалахь, Сох
кхин хьакха ма лолахь, хIунда аьлча Со хIинца а
Сайн Да волчу хьала ца ваьлла. Сан вежаршна тIе а
гIой, ахьа цаьрга ала: „Сайн Дена а, шун Дена а тIе
а, Сайн Далла а, шун Далла а тIе хьалаволу Со“».
18 ТIаккха Магдалера Марема, яхана, мурдашка
дIахаийтира шена Веза Эла гар а, Цо шега аьлларг
а.

### Iийса мурдашна гар

(Маттай 28:16-20; Марк 16:14-18; Лака 24:36-49)

19 Оцу кIирандийнахь, суьйранна, шаьш динан
куьйгалхойх кхерарна, неI дIакъевлина уьш Iаш
болуш, чу а ваьлла, юкъаметте дIа а хIоьттина,
Iийсас мурдашка элира: «Машар хуьлда шуьца!»
20 И аьлла, Шен куьйгаш а, агIо а гайтира Цо. Веза
Эла гича, чIогIа хазахеттера мурдашна. 21 ТIаккха
юха а элира Iийсас цаьрга: «Маршо хуьлийла
шуьца! Со Дас ваийтаре терра, Аса шу а дохуьйту!»
22 И аьлла, Iаь а тоьхна, Iийсас элира: «ДIаэца
Делан Са. 23 †Нагахь аш адамийн къиношна
гечдахь, уьш царна тIера дIадевр ду, ткъа нагахь
аша и къиношна геч ца дахь, уьш царна тIехь
дуьсур ду».

### Iийса а, ТIама а

24 Ткъа оцу шийттаннах цхьаъ, шех Шалавинарг
олуш волу ТIама, Iийса веанчу хенахь мурдашца
вацара. 25 ТIаьхьа оцу мурдаша ТIамига элира:
«Тхуна Веза Эла гира».
Ткъа ТIамас элира цаьрга: «Нагахь сайна Цуьнан
куьйгаш тIехь хьостамех йисина чевнаш а ца гахь,
сайн куьг Цуьнан агIонах йолчу чевнна чу а ца
дахийтахь, хIуъа хилча а, тешар вац со».
26 Цул тIаьхьа кIира даьлча, мурдаш юха а,
гулбелла, Iаш бара цIа чохь. ТIама а вара цаьрца.
НеI дIакъевлина а йолуш, Iийсас, цIа чу а веана,
юккъе дIа а хIоьттина, элира цаьрга: «Машар
хуьлда шуьца!» 27 ТIаккха ТIамига Iийсас элира:
«Хьайн пIелг схьа а кховдабай, хьажа Сан
куьйгашка, ткъа хьайн куьг Сан агIонах йолчу
чевнах чекхдаккха. Ма хила ца тешаш, амма
тешаш хила».
28 ТIамас, жоп луш, элира Iийсага: «Сан Веза Эла,
сан Дела!»
29 Iийсас элира цуьнга: «Хьо тийши, хьайна Со
гина дела. Декъала бу-кх, Со гина воццушехь, Сох
тешнарш».

### Кху тептаран Iалашо

30 Кхин дуккха а тамашийна гIуллакхаш дира
Iийсас Шен мурдашна хьалха, кху тептар тIехь
яздина а доцу. 31 Ткъа хIорш яздина Iийса Дала
леррина Къобалвинарг, *Делан КIант* хиларх шу
тешийтархьама †† а, тIаккха, Цунах теша а тешна,
Цуьнан цIарах шун бакъдолу дахар хилийтархьама
а.

### Iийсас Ша ворхI мурдана гайтар

21 Цул тIаьхьа Тхьабара-хIордан ‡ йистехь
Iийсас юха а Шен мурдашна гайтира Ша.
Иштта гайтира Iийсас Ша цигахь.
2 Цу хенахь ШамIа-Кипа а, ТIама а, шех
Шалавинарг олуш волу, Галилай-махкара Кхана-
юьртара НатунаIил а, Зевадин кIентий а, Iийсан
мурдех волу кхин шиъ а – уьш цхьаьна бара.
3 ‡†ШамIа-Кипас элира цаьрга: «Со чIерий леца
воьду».
Вукхара элира цуьнга: «Тхо а догIу хьоьца». Ара а
бевлла, хинкеман чу хевшира уьш, амма цу буса
цара хIумма а ца лецира. 4 Ткъа Iуьйре тIейогIучу
хенахь Iийса бердан йисте дIахIоьттира, амма
мурдашна ца хаьара, Иза Iийса вуйла.
5 Iийсас элира цаьрга: «ДоттагIий, чIерий дуй
шуьгахь?»

---

† 20:23 Маттай 16:19; 18:18. †† Шу тешийтархьама *– цхьадолчу тептарш тIехь: *шу тешаш хилархьама.* ‡ Тхьабара-хIорд *– и бу Галилай-Iам.* ‡† 21:3 Лака 5:5.

Цара жоп делира: «Дац», – аьлла.
6 †Ткъа Іийсас элира цаьрга: «Шайн чІерий лоцу
бой хинкеманан аьтту агІор чутаса, тІаккха карор
ду шуна чІерий».
Цара бой чутесира, тІаккха чІерий тІех дукха
лаьцна хиларна, и бой хьала ца яккхалора цаьрга.
7 ТІаккха Іийсана къаьсттина дукха везна волчу
мурдо Кипе элира: «ХІара Веза Эла ву».
Ткъа ШамІа-Кипа, иза Веза Эла ву аьлла шена
хезча, шен коч юкъах а йихкина, ша гІодаюккъалц
верзина волу дела, сихха хи чу иккхира. 8 Ткъа важа
мурдаш, хинкеманна тІехь, шайна тІаьхьа
чІерашца йолу бой а текхош, хІордан йисте
кхечира, уьш болчуьра хІордан йисте кхача, ши бІе
*дол* хиллал бен юкъ йоцу дела. 9 Мурдашна,
хинкеманна тІера шаьш лаьтта охьабиссича, йогуш
кІоран алу а йолуш, цунна тІехь чІерий а, юххехь
бепиг а гира.
10 Іийсас элира цаьрга: «Шаьш хІинца лаьцначу
чІерех цхьадерш схьада кхуза».
11 ШамІа-Кипас, хинкеман чу ваьлла, шена чохь
юьззина даккхий чІерий долу бой хІорд чуьра
лаьтта схьаозийра. Берриг а чІара бІе шовзткъе
кхойтта бара. Уьш оццул дукха доллушехь, чІерий
лоцу бой ца етІира. 12 Іийсас элира цаьрга:
«Схьадуьйла, хІума яа шайна».
Ткъа мурдех цхьа а ца ваьхьара Цуьнга хатта:
«Хьо мила ву?» Мурдашна хаьара, Иза Веза Эла
вуйла. 13 Іийсас, тІе а вахана, бепиг схьа а эцна,
мурдашка дІаделира, тІаккха чІара а дІакховдийра.
14 Веллачуьра денвеллачул тІаьхьа Іийсас иштта
кхозлагІа а Шен мурдашна гайтира Ша.

### Іийса а, Кипа а

15 Уьш яа хІума йиина бевлча, ШамІа-Кипе Іийсас
элира: «Яхьъян кІант ШамІа! Царначул сов
кІорггера везий те хьуна Со?»
Кипас элира: «ХІаъ, Веза Эла, Хьуна хаьа, суна Хьо
везий».
ТІаккха Іийсас элира Кипе: «Сан Іахарий дажаде
ахьа».
16 ТІаккха юха шозлагІа а элира Іийсас Кипе:
«Яхьъян кІант ШамІа, кІорггера везий те хьуна Со?»
Кипас жоп делира: «ХІаъ, Веза Эла, Хьуна хаьа,
суна Хьо везий».
Іийсас элира цуьнга: «Сан уьстагІийн Іу хила хьо».
17 КхозлагІа а элира Іийсас: «Яхьъян кІант ШамІа,
везий те хьуна Со?»
Кипина халахийтира, шега Іийсас кхозлагІа а
хаьттича: «Везий те хьуна Со?» – аьлла. ТІаккха
Кипас элира Цуьнга: «Веза Эла, Хьуна дерриг хаьа.
Хьуна хаьа, суна Хьо везий».
Іийсас элира Кипе: «Сан уьстагІий дажаде ахьа.
18 Бакъдерг боху Ас хьоьга, хьо къона волчу хенахь,
айхьа-хьайн юкъ йоьхкий, хьайна луъучу метте
воьдура хьо. Ткъа хьо къанвелча, хьайн куьйгаш
дІа а кховдийна, кхечуьнга хьайн юкъ йоьхкуьйтур
ю ахьа, хьуна ца луъучу а вуьгур ву хьо».
19 Иштта элира Іийсас Кипе, цо мухачу Іожаллица
Дела вазвийр ву дІахоуьйтуш. ТІаккха и аьлла,
Іийсас кхин а тІетуьйхира: «Суна тІаьхьахІотта
хьо».

### Іийса а, Цунна къаьсттина везна волу мурд а

20 ††Кипа юхахьаьжча, цунна гира шена
тІаьхьавогІу, Іийсана къаьсттина везна волу мурд.
(Езачу суьйренан пхьор дуучу хенахь, Іийсан некха
тІе а таьІна Іийна волу а, Цуьнга: «Веза Эла, мила
ву Хьуна ямартло ен верг?» – аьлла волу а мурд
вара иза.) 21 Иштта, и мурд гина, Кипас элира
Іийсага: «Веза Эла, ткъа кхунах хІун хир ду?»
22 Іийсас элира Кипе: «Нагахь Суна, Со
юхаваллалц ‡, иза дуьненахь виса лууш хилча, хьан
хІун бала бу цуьнца? Хьо Суна тІаьхьахІотта».
23 Иштта даьржира динан вежаршна юкъахь и
«мурд лийр вац» аьлла дешнаш. Ткъа Іийсас иза
лийр вац ца аьллера. Іийсас аьллера: «Нагахь Суна,
Со юхаваллалц, иза дуьненахь виса лиъча, хьан
хІун бала бу цуьнца?»
24 И мурд ву цунна тоьшалла дийриг а, цунах
лаьцна яздинарг а, ткъа вайна хаьа, цуьнан и
тоьшалла билггал бакъ дуйла.
25 Кхин дуккха а дара Іийсас дина гІуллакхаш.
Схьахетарехь, царах массарех лаьцна тептарш
яздинехь, хІокху дуьнен чу а тарлур дацара уьш.

† *21:6 Лака 5:6.*

†† *21:20 Яхьъя 13:25.* ‡ *Со юхаваллалц *– ма-дарра аьлча: *Со схьаваллалц.**

# Векалийн

### Дешхьалхе

цIе йолу тептар цIе йолчу тептаран тIаьхье ю. Тептаран коьрта Iалашо ю Делан Сино лелош болчу Iийсан мурдаша хаза кхаъ «Ярушалайм-гIалахь а, берриг а ЯхIуд-махкахь а, Шамран-махкахь а, Лаьттан йистошка кхаччалц» (1:8) дIасабаржорах лаьцна дийцар. Iийсана тIаьхьахIиттинчеран болам, жуьгтийн къомана юкъахь бола а белла, дерриг а дуьненна дин а хилла дIахIоттарх лаьцна яздо тептар тIехь. Яздархо тептар дешархой тешо гIерта Iийсана тIаьхьахIиттинарш Риман империна политически агIор кхераме ца хиларх а, Iийсан мурдийн дино жуьгтийн дин кхачаме хила дIахIотторх а.
коьртачу кхаа декъе декъа мегар ду. Цу дакъошкахь Iийсах болу хаза кхаъ кхайкхош хилар а, Iийсах тешачийн тобанаш дIахIиттор а гойту:
1) Iийса стигала хьалаваьккхинчул тIаьхьа Iийсан мурдийн болам дIаболабалар (1–7 кортош);
2) Исраил-мехкан кхечу меттигашка а болам дIасабаржар (8–12 кортош);
3) Рим-гIалина тIекхаччалц Дуьненаюккъерачу хIордана гонахара латтанашкахула болам кхидIа а дIасабаржар (13–28 кортош).
цIе йолчу тептаран шатайпа башхо ю Делан Синан гIуллакх гайтар. Ялта чудерзоран дезачу дийнахь Ярушалайме гулбеллачу Iийсах тешачарна Шен ницкъаца тIедоьссира Делан Са. Цу Сино лелош а, чIагIбеш а бу Iийсах тешарш а, церан куьйгалхой а тептарехула вайга кхаьчначу берриге а хиламашкахь. Iийсах тешачарех болу дуьххьарлера хаам цхьаболчу динан хьехамашкахь буьйцуш бу, ткъа тIехь бийцинчу хиламаша цу хааман ницкъ гойту Iийсах тешачийн дахарехь а, тешачийн тобанийн юкъаметтигашкахь а.

### Делан Са лур ду алар

1 †Лоруш волу Теапил,
сайн хьалхарчу жайни тIехь ас яздинера
хьоьга Iийсас дан а, хьеха а долийначу дерригенах
а лаьцна, 2 Шен векалшна Делан Синехула омра а
дина, стигала Иза хьалаваьккхинчу денна
тIекхаччалц. 3 Хала баланаш а, кхалхар а лайра Цо.
Юха, ден а велла, цу векалшна тIевеара Iийса,
царна Ша гойтуш. Цо дуккхазза а Ша денвалар
билгал бакъ хилар гойтуш долу тоьшаллаш делира.
Iийсас, кхин а шовзткъа дийнахь царна хьалха а
хIуттуш, Делан Олаллех лаьцна дуьйцура.
4 ††Цкъа, векалш шуьне гул а бина, Цо омра дира
цаьрга: «Ярушалайм-гIалара дIа а ма довла, Аса
шуна дийцинчу, Дадас шуна лур ду аьллачу дикане
сатуьйсуш а хила. 5 ‡ХIунда аьлча Яхьъяс шу хих
чекхдехира, ткъа масех де даьлча, шу Делан Синах
дузур ду».

### Iийса стигала хьалавакккхар

6 Мурдаша, гул а белла, хаьттира Iийсага: «Эла,
Ахьа Исраилан пачхьалкх юха меттахIоттайо хан
тIе ца кхаьчна?» – аьлла.
7 Цо жоп делира: «Дадас Шен бакъонца ехкина
хенаш а, денош а хаар шун гIуллакх дац. 8 ‡†Амма
шуна тIе Делан Са а доьссина, шуьга ницкъ беача,
Сан тешаш хир ду шу Ярушалаймехь а, берриг
ЯхIуд-махкахь а, Шамранан махкахь а, дуьненан
йисте кхаччалц а».
9 ‡‡Иза а аьлла, церан бIаьргашна хьалха стигала
хьалаваьхьна волу Iийса мархи юкъахь кхарна
гучуьра къайлавелира. 10 Мурдаш леррина стигала
хьоьжуш лаьттара Иза хьалахьочу хенахь.
ЦIеххьана царна хьалха кIайн духар тIехь долу ши
стаг дIахIоьттира. 11 «Галилай-мехкан бахархой, –
элира цара, – шу хIун деш лаьтта, стигала а
хьоьжуш? Шу долчуьра Iийса стигала
хьалавоккхуш шуна гина ма-хиллара, Иза иштта
юха а вогIур ву».

---

† 1:1 *Лака 1:1-4.* †† *1:4 Лака 24:49.* ‡ *1:5 Маттай 3:11; Марк 1:8; Лака 3:16; Яхьъя 1:33.*

‡† *1:8 Маттай 28:19; Марк 16:15; Лака 24:47, 48.* ‡‡ *1:9 Марк 16:19; Лака 24:50, 51.*

### ЯхIудан метта векал харжар

12 Цул тIаьхьа векалш, *Зайт-диттийн* лам тIера чу
а биссина, Ярушалайме баьхкира. И лам
Ярушалаймана уллохь бара, садоIучу шоьтан
дийнахь бан магийначу некъан барамехь хиллал.
13 †ГIала а баьхкина, уьш лакхарчу цIа чохь
гулбелира. Векалийн цIераш яра: Кипа, Яхьъя,
Якъуб, Iандар, Пилап, ТIама, Барталамай, Маттай,
ХIалпайн кIант Якъуб, Якъубан кIант ЯхIуд, ШамIа,
ша тIелаьцнарг тIевирззина кхочуш дан гIертарг ††.
14 Уьш гуттар а цхьаьна гуллора доIанаш дан.
Масех зуда а яра цаьрца, иштта Iийсан нана Марем
а, Iийсан вежарий а бара.
15 Цкъа уьш гулбеллачу метте бIе ткъа гергга
динан ваша веара. Кипас, хьала а гIаьттина, элира:
16 «Вежарий! Делан Йоза кхочуш ца хилча ца долу.
Iийса лоцуш болчарна тIехь куьйгалла дина волчу
ЯхIудах лаьцна хиндерг Делан Сино Даудехула
аьлла дара оцу Йозан тIехь. 17 ЯхIуд вайх цхьаъ
вара, вай Далла гIуллакх дечу хенахь вайца дакъа а
лецира цо».
18 ‡Iийсана йинчу ямартлонах шена деллачу
ахчанах цо латта эцнера. Цу лаьтта тIехь велла
карийна иза, даьттIачу гай чуьра араяьлла чоко а
йолуш. 19 Ярушалаймехь массарна а хаьара оцу
хиллачух лаьцна, цундела шайн маттахь цара
«ХIакал-дама» аьллера цу лаьттах. Иза «ЦIийн
латта» бохург ду.
20 ‡†« *Забур* тIехь цхьанхьа яздина ду:
„Цуьнан керт дIатесна хуьлийла,
цигахь цхьа а кхин ма вехийла“,
вукхунхьа:
„Далла гIуллакх дечохь цуьнан меттиг кхечо
дIалоцийла“.
21 ‡‡Цундела вайна оьшу гуттар а вайца Iийсана
уллохь а хилла, 22 ткъа иштта Яхьъяс нах хих
чекхбохуш хиллачул хенахь дуьйна, Iийса вай
долчуьра стигала хьалаваккхалц хилла волу стаг.
Иза, вай санна, Iийса денваларан теш хила а веза».
23 Шиъ билгалваьккхира: шех Бар-Сабба я «Юст»
олу Юсуп а, Маттахьи а. 24 Векалша доIа дира: «Веза
Эла! Хьуна хIораннан а дог девза, гайтахьа тхуна
25 ша ваха веззачу метте дIаваханчу ЯхIудан метта,
Айхьа векал а вина, гIуллакх дан хаьржинарг».
26 Юха цара кхаж тесира. И кхаж Маттахьин белира.
Иза, шийтталгIа векал а хилла, вукху цхьайттаннах
дIакхийтира.

### Делан Са доссар

2 ‡‡†Жуьгтийн « *ШавуIот*» цIе йолчу ялта
чудерзоран дезачу дийнахь массо а *векал*
цхьаьнакхийтира. 2 ЦIеххьана, чIогIа хьаькхначу
махах тера а йолуш, стигалара цхьа гIовгIа хезира.
Цо уьш чохь болу дерриг а цIа дуьзира. 3 Йогучу
цIеран алунех тера долу меттанаш гира векалшна.
Уьш, декъа а делла, кхарна хIоранна тIехула
севцира. 4 Делан Синах а буьзна, Цо шайна деллачу
похIмица тайп-тайпана меттанаш дийца
буьйлабелира векалш.
5 Ярушалаймехь цу хенахь дуьненан массо а
халкъашна юкъара схьаихна жуьгтий бара. Уьш
къаьсттина чIогIа Делах тешаш а, Цунах кхоьруш а
бара. 6 И гIовгIа яьлча, дукха нах гулбелира. Массо
а цецваьлла виснера, хIунда аьлча хIоранна а
векалша буьйцу шен-шен къоман мотт хезара.
7 Инзарбевлла, цара хоьттура вовшашка: «И
адамаш массо а галилайхой дац? 8 Вайна хIоранна
а муха хеза, цара вайн ненан мотт буьйцуш?
9 Вайна юкъахь бу парпанхой а, мадайхой а,
Iейламхой а, Месопатамера бахархой а, ЯхIуд-
махкара а, Каппадокера а, Понтера а, Асиара а,
10 Пхьаргера а, Пампилара а, Мисарара а, Ливин
Къурина-гIалин йистера адамаш а, римхой а,
11 (жуьгтий а, жуьгтийн дин керла тIеэцнарш а),
Крит-гIайренан бахархой а, Iаьрбихой а. Ткъа
вайна массарна а хеза вешан меттанашкахь цара
Делан сийлахьчу гIуллакхех лаьцна дуьйцуш!»
12 Цец а буьйлуш, хиллачух ца кхеташ, вовшашка
хоьттура цара: «Ванах, хIара хIун ду?» – бохуш.
13 Цхьаболчара бохура, бийла а буьйлуш: «Цара
алсам мерза чагIар мелла».

### Кипас ШавуIот-дийнахь дина къамел

14 Кипас, вукху цхьайтта векалца дIа а хIоьттина,
аз айдеш, элира нахе: «ЯхIудхой а, Ярушалайман
бахархой а! Пурба ло суна дерриг а шайна
дийцийта. Дика соьга ладогIалаш! 15 ХIара нах,
шуна ма-моттара, бехна бац, хIинца Iуьйранна исс
сахьт бен ма ца даьлла. 16 Ткъа Юал-пайхамаро
дийцинарг ду хIара.
17 ‡‡‡„ТIаьхьарчу деношкахь, – боху Дала, – Аса
Сайн Синан Iаь тухур ю дерриг а адамна тIе.
ТIаккха шун кIентий а, мехкарий а, шайга
пайхамаралла а доьссина, Делера болу хаамаш
беш хир бу.
Кегийнаш Делера долу тамашийна суьрташ
шайна хьалха хIуьттуш хир бу,
ткъа баккхийнаш Делера долу гIенаш гуш хир бу.
18 Сайн ялхошна тIе, божаршна я зударшна делахь
а, Сайн Синан Iаь тухур ю Аса цу деношкахь,
тIаккха цаьргахь пайхамаралла хир ду.
19 Аса стигалан Iаьрчашкахь а,
лаьтта тIехь а тамашийна хIуманаш гойтур ду:
цIий, цIе, кIуьран мархаш.
20 Везачу Элан сийлахь де тIекхачале
малхах бода хир бу,
баттах цIий хир ду.
21 Амма массо а Везачу Эле кхойкхуш верг

† 1:13 Маттай 10:2-4; Марк 3:16-19; Лака 6:14-16. †† *Грекийн тептар тIехь: *ШамIа-зилатхо. *Зилатхо: Риман Iедална дуьхьал къийсам латтош йолчу жуьгтийн динан тобанан декъашхо.** ‡ *1:18, 19 Маттай 27:3-8.* ‡† *1:20 а: Забур 68:26; б: Забур 108:8.* ‡‡ *1:22 а: Маттай 3:16; Марк 1:9; Лака 3:21; б: Марк 16:19; Лака 24:51.* ‡‡† *2:1 Iамалъяр 23:15-21; Карлабаьккхинарг 16:9-11.* ‡‡‡ *2:17-21 Юал 2:28-32 (Грекийн).*

кIелхьарвоккхур ву“.
22 Исраилхой, ладогIалаш соьга: Назартара Iийса
адам делахь а, Дала Иза шуна хьалха къобалвира.
ХIунда аьлча шуна ма-хаъара, Дала Цуьнгахула
шуна юкъахь тамашийна хIуманаш а, билгалонаш
а кхочушйора. 23 †Iийса Делан лаамца а, Цунна
хьалххе гуш ма-хиллара а, шун кара дIавелира,
ткъа аша дин доцучу нахе, жIарах дIа а тохийтина,
вейтира Иза. 24 ††Амма Дала веллачуьра денвира
Иза, Iожаллин багара а ваьккхина. Iожаллин ницкъ
ца кхечира Иза шен карахь сацо. 25 ‡Дауда олура
Цунах лаьцна:

„Суна гуттар а гора Веза Эла сайна хьалха.
Иза суна аьтту агIор ву, со воха ца вохийта.
26 Цундела сан дог а сакъералуш ду,
сан багара мотт а самукъадаьлла бу.
Сан дегI а ду сатуьйсийлах дуьзна.
27 ХIунда аьлча Ахь эхартахь со вуьтур вац.
Хьайна тешаме волчунна вахкавалар гойтур дац.
28 Ахьа бакъдолчу дахаран некъ суна гайтина,
Хьуна уллохь хиларна хазахетарх со вузор ву Ахь“.

29 Вежарий, аса билггала бакъдерг дIахоуьйту
шуна: вайн тайпанан да Дауд вала а велла, дIа а
воьллина. Цуьнан каш таханлерчу дийне кхаччалц
льтташ а ду. 30 ‡†Иза пайхамар вара. Дала цунна
чIагIо йинера, цуьнан тIаьхьенах стагана
паччахьалла лур ду Ша аьлла. 31 Хиндерг хууш,
Дауда дийцинера *Дала леррина Къобалвинарг*
денлург хиларх а, Иза кошахь вуьсург ца хиларх а,
Цуьнан дегIана дахкадалар гург ца хиларх а
лаьцна. 32 Дала Iийса денвира, вай Цуьнан тешаш а
ду. 33 Иштта Делан аьтту куьйга хьалаваьккхинчу
Цо Дегара Шена лур ду аьлла Делан Са
схьаийцира. Iийсас кхочушдира тахана шуна гуш а,
хезаш а дерг. 34 ‡‡Дауд стигала хьалаваьлла вацара,
амма цо элира:

„Вайн Везачу Эло аьлла Хьалдолчу Эле:
‘Суна аьтту агIор охьахаа,
35 Аса Хьан мостагIий Хьан когашка охьабахккалц’,
– аьлла“.

36 Цундела, берриг а исраилхой, хаалаш: аша
жIарах дIатоьхна Iийса – Дала Цунах Веза Эла а,
Къобалвинарг а вина шуна».
37 И дешнаш хезча, эхь хетта, нехан дегнаш
лелхадохкура. Цара хоьттура Кипе а, кхечу
векалшка а: «Вежарий, хIун дан деза оха?» – бохуш.
38 Кипас элира цаьрга: «Шух хIора а Далла тIе а
верзий, шаьш хих чекхдахийта Iийсан дуьхьа,
шайн къиношна гечдайтархьама. ТIаккха шуна
совгIат санна Делан Са лур ду. 39 И совгIат дукха
хенахь дуьйна а лур ду аьлла дара шуна а, шун
берашна а, шуна тIаьхьабогIучу, Дала Шена
тIекхойкхун болчу массарна а».
40 Кипас, цаьрга дIа а хьедеш, дехарца бохура:
«КIелхьардовлалаш хIокху телхинчу адамех».
41 Цуьнан хьехам тIеоьцучара шаьш хих
чекхдохуьйтура. Цу дийнахь Iийсан мурдийн тоба
кхин кхаа эзар стагана совъелира.

### Iийсах тешачеран дахар

42 Уьш гуттар а векалийн хьехаме ладугIуш а,
вовшех дагабовлуш а, бепиг дохош а, доIанаш деш
а бара. 43 Берриш а Делах кхоьруш бара. Дала
дуккха а тамашийна гIуллакхаш дора
векалшкахула. 44 ‡‡†Iийсах тешаш берш цхьаьна
бара, церан массо а хIума юкъахь дара. 45 Шайн
керташ а, долахь дерг а дIа а духкуш, шайна
юкъахь дIасадоькъура цара, хьанна хIун оьшу
хьаьжжина. 46 ХIора дийнахь цхьаьна Делан
цIийнан кертахь бара уьш. ЦIеношкахь цара
хазахетарца а, даггара а, кег а деш, бепиг дуура,
47 Далла хастамаш а беш. Гонах болчара а уьш
лорура.
Везачу Эло хIора денна совйоккхура
кIелхьарбохучийн тоба.

### Кипас сагIадоьху заьIап стаг тово

3 Кипий, Яхьъяй вара суьйренан ламазе Делан
цIийнан керта воьдуш. 2 Цу хенахь «Исбаьхьа»
аьлла цIе йолчу кевнан йисте а валийна,
охьахаийра вичхьана дуьйна а заьIап волу цхьа
стаг. Иза хIора денна а, вала а вой, цигахь вуьтура,
Делан цIийнан керта богIучу нахе цуьнга сагIа
дехийтархьама. 3 Кевнна хьалха Кипий, Яхьъяй а
гина, цаьрга сагIа дийхира заьIапчу стага. 4 ХIара
шиъ леррина хьаьжира цуьнга. Юха Кипас элира:
«Схьахьажал кхуза!» 5 И стаг дIахьаьжира цаьрга,
шена цхьаъ яларе са а тесна. 6 ТIаккха Кипас элира:
«Дети а, деши а дац соьгахь, амма сайн дерг ло ас
хьуна. Дала леррина Къобалвинчу, Назартарчу
Iийсан дуьхьа, хьала а гIаттий, дIаволало!» 7 Цо,
аьтту куьг схьа а лаьцна, хьалагIаттийра и стаг.
ЦIеххьана заьIапчу стеган когаш а, голаш а то а
елла, чIагIъелира. 8 Иза, хьала а гIаьттина,
дIаволавелира. ДIаволалуш, ирхкхиссалуш, Далла
хастамаш беш, цаьрца Делан цIийнан керта вахара
иза. 9 Дерриг а адамна гира иза, Далла хастамаш а
беш, ирхкхиссалуш, схьавогIуш. 10 «Исбаьхьчу»
кевнехь сагIадоьхуш Iийна стаг а вевзина, цуьнан
товалар а гина, инзарбевлла бара нах.

### Сулим-паччахьан цIарах йолчу меттехь Кипас дина къамел

11 Товелла заьIап стаг, Кипиний, Яхьъяний
тIаьхьара а ца волуш, вогIура. Инзардаьлла дедда
догIу дерриг а адам царна тIаьххье Сулим-
паччахьан цIарах йолчу лекхачу бIогIамех йинчу
гIишлонна тIекхечира. 12 ТIаьхьа богIу нах а гина,
Кипас элира: «Исраилхой, хIокху гIуллакхах шу цец

† *2:23 Маттай 27:35; Марк 15:24; Лака 23:33; Яхьъя 19:18.*
†† *2:24 Маттай 28:5, 6; Марк 16:6; Лака 24:5.* ‡ *2:25-28 Забур 15:8-11 (Грекийн).* ‡† *2:30 Забур 131:11; Дауд 7:12, 13.* ‡‡ *2:34, 35 Забур 109:1.*

‡‡† *2:44 Векалийн 4:32-35.*

хIунда дуьйлу? Тхешан ницкъаца я суьпа хиларца
товина-м ца моьтту шуна оха и стаг? 13 †ИбрахIиман
а, Исхьакхан а, Якъубан а, вайн дайн а Дала
сийдеш айина Шен ялхо волу Iийса. Амма аша Иза
вейтира, Пулатана хьалха Цунах дIа а къаьстина,
цо Иза дIахеца сацам биннашехь а. 14 ††Далла
тешаме Верг а, Делан лаамехь Верг а тIе ца оьцуш,
стаг вийна зуламхо кIелхьарваккха аьлла, дийхира
аша. 15 Дахар Кхоллархо вийра аша! Амма Дала
веллачуьра денвира Иза, цу хIуманна тхо тешаш а
ду. 16 Iийсах тешар бахьана долуш, Цуьнан цIаро
тешарехь чIагIвина и шуна гуш а, вевзаш а волу
стаг. Билггала, Iийсас кхунна деллачу тешаро
товина хIара стаг, шуна ма-гарра.
17 Вуьшта, вежарий, суна хаьа, аша а, шун
хьаькамаша а и гIуллакх шайна ца хаарна
динийла. 18 Амма Дала иштта кхочушдира, Шен
массо а пайхамарехула хаийтина долу, Ша леррина
Къобалвинарг баланийн хIордах чекхваккхар.
19 ХIинца, шаьш лелийначунна дохко а довлий,
Далла тIедерза, шайн къинош дIадахийтархьама.
20 ТIаккха Дала шуна паргIат зама йоуьйтур ю.
ТIаккха Цо шуна хIоттийна волу, Ша леррина
Къобалвинарг воуьйтур вара. И Къобалвинарг
Iийса ву. 21 Амма Дала Шен пайхамаршкахула Ша
дерриг а юхаметтахIоттор ду аьлларг тIекхаччалц
йолчу ханна Iийса стигалахь хир ву. 22 ‡Муса-
пайхамаро а ма аьлла:
„Шун Везачу Дала, шун вежарех Пайхамар хIоттор
ву шуна юкъахь, со санна.
Цо бохучу массо а хIумане ладогIалаш.
23 ‡†Цуьнга ла ца доьгIнарг массо а, шен халкъах
дIа а къастийна, хIаллаквийр ву“.
24 Цул сов, массо а пайхамаро, Шамъал-
пайхамарна тIера дуьйна, хIара денош догIур ду
аьлла ду. 25 ‡‡Ткъа пайхамарийн а, Дала шун дайшка
динчу весетан а тIаьхьенаш шу ю. Дала аьлла
ИбрахIиме: „Хьан тIаьхьенехула декъала хир ду
дуьнен чуьра массо а халкъаш“. 26 Шен Ялхо
денвича, Дала уггар хьалха шуна тIеваийтира Иза,
зуламечу гIуллакххех шух хIора а дIадерзош,
къобалдархьама».

### Кипа а, Яхьъя а коьртачу кхеташонехь

4 Кипас а, Яхьъяс а нахаца къамел дечу хенахь
царна тIе динан дай а, Делан цIийнан
гIаролхойн хьаькам а, динан тобанан *садукъой* цIе
йолу нах а баьхкира. 2 Уьш чIогIа реза бацара
Кипас а, Яхьъяс а нахана хьоьхуш хиларна а, Iийса
веллачуьра денвелла бохуш кхайкхам барна а.
3 Цара и шиъ, схьа а лаьцна, ларвайта гIароле
дIавелира, хIунда аьлча тIееана суьйре а яра, хан а
яьллера.
4 Ткъа цу шиннан хьехамашка ладоьгIна болу
дукхахберш тийшира цара дийцинчух, цундела
Iийсах тешнарш пхи эзар гергга хилира.
5 ШолгIачу дийнахь хьаькамаш а, баккхий нах а,
Iелам нах а Ярушалаймехь цхьаьна гулбелира. 6
*Динан коьрта да* Iанна а, иштта Кайба а, Яхьъя а,
Искандар а, динан коьртачу ден доьзалхой а,
кхиболу гергара нах а бара цигахь. 7 Кипий, Яхьъяй
юккъе а ваккхийтина, цаьрга барт хатта
буьйлабелира уьш: «Муьлхачу ницкъаца а, хьенан
цIарах а дара аша динарг?» – бохуш.
8 Делан Синах вуьзна волчу Кипас жоп делира:
«ЛадогIалаш, халкъан тхьамданаш а, баккхий нах
а! 9 Нагахь санна цомгуш волчу стагах бинчу
къинхетамах аша тахана тхоьгара жоп дехахь,
10 дIахаалаш шуна а, дерриг Исраилан халкъана а:
аша, жIарах дIа а тоьхна, вейтинчу, Дала
веллачуьра денвинчу, Назартарчу, Дала леррина
къобалвинчу Iийсан дуьхьа товина волу хIара стаг
шуна хьалха лаьтташ ву! 11 ‡‡†Iийса – Иза,
„гIишлошъечу пхьераша дIа а кхоьссина, сонан
йисте дIахIоьттина болу тIулг“ бу. 12 Кхин
цхьаьнггахь а *кIелхьардовлар* дац, хIунда аьлча
стигал кIелахь кхин цIе яц адамашна
кIелхьардовла елла».
13 Барт хоттуш берш цецбевллера Кипин а,
Яхьъян а доьналлех. ХIара шиъ дешна а воцуш,
мискачу нахах ма вара. Юха кхелахошна хиира
хIорш Iийсаца хиллий. 14 Амма царна уллохь
лаьтташ товина стаг а гуш, дуьхьал ала хIума
дацара кхелахойн. 15 Юха векалшка, коьртачу
кхеташонера арадовла аьлла, омра а дина, барт
бан хIиттира уьш.
16 «ХIун де вай оцу нахана? – бохура цара. –
Ярушалайман бахархошна гина цара дина
тамашийна хIума. Вайга иза дайалур дац. 17 Амма
хиллачух лаьцна хабар нахана юкъахь ца
даржийта, вай дехка деза царна Iийсан цIарах
хьехам бар».
18 Юха а Кипий, Яхьъяй чу а валавайтина, омра
дира цара, Iийсан цIе а ма яккха, Цунах лаьцна
хьехамаш а ма бе аьлла. 19 Амма Кипас а, Яхьъяс а
жоп делира: «Ойла ейша шаьш а, нийса дуй Далла
хьалха, Делал хьалха шуьга ладогIар? 20 Цундела
тхайна гинарг а, хезнарг а ца дуьйцуш тхо Iалур
дац».
21 Ткъа вукхара, кхерамаш а тийсина, дIахийцира
Кипий, Яхьъяй, кхарна хIун таIзар дийр ду а ца
хиъна. Хиллачунна Далла хастамаш беш дара
дерриг а халкъ. 22 ХIунда аьлча и тамашийна дарба
хиллачу стеган шовзткъа сов шо дара.

### Делах тешачийн доIа

23 Шаьш дIахецча, Кипас а, Яхьъяс а, шайн
накъостий болчу а веана, шайга динан коьрта
дайша а, баккхийчу наха а баьхнарг дIадийцира.

† *3:13 Арадаккхар 3:15.* †† *3:14 Маттай 27:15-23; Марк 15:6-14; Лака 23:13-23; Яхьъя 19:12-15.* ‡ *3:22 Карлабаьккхинарг 18:15, 18 (Грекийн).* ‡† *3:23 Карлабаьккхинарг 18:19.* ‡‡ *3:25 Доладалар 22:18.*

‡‡† *4:11 Забур 117:22.*

24 †И дерриге а шайна хезча, Делах тешаш берш
цхьаьний аз айдина доIа дан хIиттира:
«Хьалдолу Эла! Ахьа стигал а, латта а, хIорд а,
царна чохь мел дерг а кхоьллина!
25 ††Ахьа аьлла Хьайн ялхо волчу тхан ден а Даудан
багахула Делан Синца:
„Хийрачу мехкашкара нах карзах хIунда буьйлу?
Цахиндерг халкъаша дага хIунда лаьцна?
26 Дуьненан паччахьаш цхьаьнакхеташ бу,
лаьттан куьйгалхой вовшех дагабуьйлуш бу,
Везачу Элана дуьхьал а бевлла,
Цо къобалвинчунна новкъарло йо цара“.
27 ‡Билггала, хIокху гIалахь ХIарод а, Понти Пулат
а кхечу къаьмнийн нахаца а, Исраилан халкъаца а
цхьаьнакхийтира Хьан Везачу а, Ахьа къобалвинчу
а Ялхочунна Iийсана кхел ян. 28 Ахьа Хьайн лаамца
а, куьйгаца а тIедиллинарг кхочушдира цара.
29 ХIинца а, Веза Эла, хьажахьа цара туьйсучу
кхераме. Тхуна, Хьайн ялхошна, ницкъ лохьа
ерриге а майраллица Хьан дош кхайкхо, 30 ткъа
Ахьа Хьайн Везачу Ялхочун Iийсан цIарах дарба
дан а, тамашийна хIуманаш а, инзаре гIуллакхаш а
гайта а кховдадо Хьайн куьг!»
31 Цара доIа чекхдаьккхича, уьш лаьтташ болу
меттиг егийра, цу сохьта берриш а Делан Синах
буьзира. Цул тIаьхьа цара майрра кхайкхадора
Делан дош.

## Массо а хIума юкъахь хилар

32 ‡†Делах тешнарш дегнашца а, хьекъалца а
цхьаьна бара. Цхьаммо а ца бохура шен долахь
дерг шен бен дац. Шайн мел дерг юкъахь доькъура
цара. 33 Векалша боккхачу ницкъаца тоьшалла
дора Iийса-Эла денваларх лаьцна. Дала а
къобалбора уьш. 34 Латта а, цIенош а долчу наха,
уьш дIа а духкий, схьадеана ахча векалийн
когашка охьадилларна, цхьа а къен стаг вацара
царна юкъахь. И ахча цунна оьшучуьнга
хьаьжжина лора. 36 Масала, Кипр-гIайре тIера Юсуп
цIе йолчу, Леви тайпанах волчу стага (векалша
цунах Бар-Нааб а олура, ткъа иза «синтеман кIант»
бохург ду) 37 шен латта дIа а доьхкина, схьадеана
ахча векалийн когашка охьадиллира.

## Хьанас а, Шаппира а

5 Цхьана стага шен бахам дIабоьхкира. Цу
стеган цIе Хьанас яра, цуьнан зудчун цIе
Шаппира яра, 2 Амма шена кхаьчначу ахчанах цхьа
дакъа цо дIалачкъийра. Цуьнан зудчунна а хаьара
иза. Диснарг, схьа а деана, векалийн когашка
охьадиллира цо. 3 Кипас элира цуьнга: «Хьанас,
мича бахьанина йиллина иблисо хьан даг чу ойла,
Делан Синна аьшпаш а боьттина, айхьа, латта а
доьхкина, схьаэцначу ахчанах цхьа дакъа хьайна
дита аьлла? 4 Ахьа дIадохкале а и латта хьан ма
дара, ткъа цунах схьаэцна ахча а ма дара хьан.
ХIунда дира ахьа иза? Ахьа и аьшпаш нахана ца
боьттина, Далла боьттина».
5 И дешнаш хезча, Хьанас, охьа а воьжна, велира.
ЧIогIа кхерам тесира и хезначийн массеран а
кийра. 6 Схьабаьхкинчу кегийчу наха дакъа, дIа а
хьарчийна, дIа а даьхьна, дIадоьллира.
7 Цул тIаьхьа, кхин кхо сахьт даьлча, цига
Хьанасан зуда еара. Цунна ца хаьара хилларг.
8 Кипас хаьттира цуьнга: «Алал соьга, хIокху мехах
доьхкирий аша латта?»
Зудчо элира: «ХIаъ, оцу мехах».
9 Кипас элира цуьнга: «Муха даьхьира шуьшиъ
бартбан Делан Са зерхьама? НеIарехь когийн тата
хезий хьуна? Хьан майра дIа а воьллина, чубогIу
нах бу хьуна уьш. Хьо а дIахьур ю хьуна цара». 10 Цу
сохьта, цуьнан когашка охьа а йоьжна, елира и
зуда. Чубаьхкинчу кегийчу нахана и елла Iуьллуш
гира. ДIаяьхьна, шен майрачунна улло
дIайоьллира иза. 11 Iийсах тешначийн ерриг тоба а,
и хилларг хезнарш а кхерамо бахьийнера.

## Тамашийна билгалонаш а, инзаре хIуманаш а

12 Дала векалшкахула нахана дуккха а тамашийна
билгалонаш а, инзаре хIуманаш а гойтура. Массо а,
цхьа барт а болуш, Сулим-паччахьан цIарах йолчу
меттехь гуллора. 13 Наха уьш лоруш белахь а,
хийрачех цхьа а царна юкъа ваха ца хIуттура.
14 Амма Везачу Элах тешна болу божарий а,
зударий а алсамбуьйлура царна юкъахь. 15 Наха
шайн цомгуш берш маьнгешна а, гоьнашна а тIехь
урамашка арабохура, тIехволучу Кипин IиндагI
мукъана а царна тIедожийта. 16 Ярушалаймана
гонахарчу гIаланашкара адамийн тобанаш оьхура.
Цара шайн цомгуш болу а, жинаша хьийзош болу а
нах балабора. Массарна а дарбанаш хуьлура.

## Векалш дIалецар

17 *Динан коьрта да* а, динан *садукъойн* тобанах
болу цунна уллоранаш а хьогIах буьзна бара.
18 Цара векалш, дIа а лецийтина, халкъана йина
йолчу набахти чу бохкийтира. 19 Буьйсанна Везачу
Элан малико, набахтин ков схьа а диллина,
арабехира уьш. 20 Цо элира цаьрга: «Делан цIийнан
керта а гIой, нахана хIокху керлачу дахарх лаций
дийца», – аьлла.
21 Iуьйранна, шайга ма-аллара, Делан цIийнан
керта а баьхкина, нахана хьехам бан хIиттира
векалш.
Ткъа динан коьртачу дас а, цуьнан уллорачара а
Исраилан халкъан тхьамданаш коьртачу
кхеташоне а кхайкхина, набахтера векалш
схьабало шайн ялхой бахийтира. 22 Набахте
баьхкинчу эпсаршна цу чохь векалш ца карийра.
Цара, юха а баьхкина, элира: 23 «Набахтин ков дика
дIакъевлина ду, иза лардеш гIаролаш а ду, амма

† 4:24 *Арадаккхар 20:11; Нахьми-ЯхIу 9:6; Забур 146:6.* †† 4:25, 26 *Забур 2:1, 2 (Грекийн).* ‡ 4:27 *а: Лака 23:7-11; б: Маттай 27:1, 2; Марк 15:1; Лака 23:1; Яхьъя 18:28, 29.* ‡† 4:32 *Векалийн 2:44, 45.*

иза схьадиллича, чохь цхьа а кара-м ца ви тхуна», –
аьлла. 24 Цаьрга ла а доьгІна, Делан цІийнан
гІаролан хьаькам а, динан коьрта дай а
инзарабевлла бара, «ХІара хІун ду?» – бохуш. 25 Юха
цхьаммо, ван а веана, хаам бира: «Аша набахти чу
боьхкинарш Делан цІийнан кертахь нахана
хьехамаш беш бу», – аьлла. 26 ТІаккха гІаролан
хьаькамо, эпсаршца ваха а вахана, векалш
схьабалийра. Цара векалшна ницкъ ца бира
схьабалочу хенахь, хІунда аьлча наха шайна
тІулгаш деттарна кхоьрура уьш. 27 Векалш коьртачу
кхеташоне чубалийра. Динан коьртачу дас элира
цаьрга: 28 †«Оха шуна чІогІа дихкинера, цу стеган
цІарца ма хьеха аьлла, амма аша шайн хьехам
ерриге а Ярушалаймехь дІасабаржийна. Цул сов, цу
стеган цІий тхох хьарчадо аша».
29 Кипас а, кхечу векалша а жоп делира:
«Наханачул а сов Далла муьтІахь хила деза тхо!
30 Амма дечигах хьала а оьллина, аша вийна волу
Іийса вайн дайн а Дала веллачуьра денвина.
31 Амма Дала Иза, Эла а, *кІелхьардохург* а вина,
Шен аьтту куьйга айира, Исраилан халкъ, дохко а
даьлла, Далла тІедерзийтархьама а, цу халкъана
гечдархьама а. 32 Тхо тешаш ду оцу дерригенна а.
Ша бохург деш волчунна Дала делла Деза Са а ду
оцунна теш».
33 И дуьйцург а хезна, динан коьрта да а, чохь
берш а чІогІа оьгІазбахара. Векалш байа лууш бара
уьш. 34 Наха лоруш а волуш, *парушхо* а волуш, цхьа
*Іелам стаг* вара царна юкъахь. Цуьнан цІе Гамлиал
яра. Кхеташона хьалха а хІоьттина, цхьана ханна
векалш арабахийтира цо. 35 Цул тІаьхьа цо
кхеташонан декъахошка элира: «Исраилхой, дика
ойла елаш оцу нахана шаьш дан гІертачун. 36 Дукха
хан йоццуш кхузахь, ша тхьамда ву аьлла, Тхьада
цІе йолуш цхьа стаг гучувелира. Цунна тІаьхьа виъ
бІе гергга стаг хІоьттира. Амма иза вийначул
тІаьхьа, цуьнан накъостий дІасабевдира. ХІумма а
доцург а хилла, дІаделира и гІуллакх. 37 Цул тІаьхьа
Галилайра Яхьуд гучувелира. Нах дІаязбечу хенахь
веанчу цо гІаттамана тоба вовшахтуьйхира. Иза а
вийра, цунна тІаьхьахІиттинарш а дІасабевдира.
38 Цундела хІокху хІуманна тІедоьгІна сан хьехар ду
шуна: и нах Іадбита, дІахеца уьш. Цара долийна
хІума нахера делахь, иза, дайна, дІадер ду.
39 Нагахь и Делера делахь, шуьга иза сацалур дац.
Шу шаьш а Далла дуьхьал девлларш хир ду».
40 Цо бохучуьнга ладуьйгІира цара. Векалш, чу а
кхайкхина, царна етта а йиттина, Іийсан цІарах
лаьцна кхин дийцар дехка а дихкина, дІахийцира
цара. 41 Векалш кхеташонера арабевлира, Іийсан
дуьхьа шаьш сийсазбан хьакъ хиларна баккхий а
беш. 42 ХІора денна Делан цІийнан кертахь а,
цІеношкахь а ца хеддаш хьехамаш а беш, Дала
леррина къобалвинчу Іийсах лаьцна нахе *хаза
кхаъ* кхайкхабора цара.

† *5:28 Маттай 27:25.*

### ВорхІ гІоьнча дІахІоттар

6 Цу деношкахь, мурдаш сов болучу хенахь,
царах грекахойн мотт буьйцу жуьгтий
Іебархойн мотт буьйцучу жуьгташна аьрзнаш дан
буьйлабелира. Цара бохура денна йоькъучу
хІуманан дакъа шайн бисина Іачу зударшна ца
кхочуьйту.
2 ТІаккха шийтта векало, берриг а мурдаш вовшах
а тоьхна, элира: «Делан дош дІакхайкхор а
сацийна, тхо хІума екъа хІиттича, нийса хир дац.
3 Цундела, вежарий, аша шайна юкъара ворхІ стаг
харжа веза. Уьш Делан Са а, хьекъал а шайца
хиларца гІарабевлла хила беза. Вай и гІуллакх
царна тІедуьллур ду. 4 Ткъа оха тхешан ерриге а хан
доІанаш дарна а, Делан дош кхайкхорна а хьажор
ю».
5 Векалша аьлларг мурдашна тайра. Цара
хаьржира Делан Синах а, Делах тешарх а вуьзна
волу Тапа а, Пилап а, Прохор а, Никанор а, Тимон а,
Парман а, жуьгтийн дин тІеэцна волу Антиохера
Никлас а. 6 И нах цара векалшна хьалха
дІахІиттийра. Векалша, доІа а дина, царна тІе
куьйгаш дехкира.
7 Делан дош дІасадаьржаш дара, Ярушалаймехь
мурдаш алсамбовлуш бара. Дуккха а динан дай
Іийсах долчу тешарна муьтІахь хилира.

### Тапа лацар

8 Делан къинхетам а, ницкъ а шеца болу Тапа
нахана юкъахь тамашийна Іаламаташ а,
билгалонаш а гойтуш вара. 9 Къуринара а,
Искандарера а, Киликера а, Асиара а жуьгтий шена
чубогІучу, «паргІатбевлларш» аьлла цІе йолчу
жуьгтийн гуламан цІийнера цхьаболу нах Тапица
къийса бевлира. 10 Амма цуьнан къамелехь долчу
хьекъална а, цуьнца долчу Делан Синан
доьналлина а дуьхьало ца ялора цаьрга. 11 ТІаккха
цара къайлаха нах кечбира дІахаийта: «Цо Далла а,
Муса-пайхамарна а дуьхьал Іеса къамел деш
хезира тхуна», – аьлла. 12 Адам а, Іелам нах а,
баккхийнаш а карзахбехира цара. Тапа, схьа а
лаьцна, коьртачу кхеташоне валийра. 13 Харц
тоьшалла дан нах дІахІиттийра. Цара бохура:
«ХІара стаг гуттар а езачу меттигна а, товратна а
дуьхьал къамел деш ву. 14 Тхуна хезира кхо бохуш:
„Назартарчу Іийсас хІара еза меттиг а йохор ю,
Муса-пайхамаро вайна делла гІиллакхаш а хуьйцур
ду“».
15 Леррина Тапе хьоьжучу кхеташонехь болчу
нахана гира, маликан санна, цуьнан серлаяьлла
юьхь.

### Коьртачу кхеташонехь Тапас дина къамел

7 Юха динан коьртачу дас хаьттира Тапе:
«Иштта дуй иза?» – аьлла.
2 ††Тапас жоп делира:

«Вежарий а, дай а! Доьху сайга ладогIар. Вайн да
ИбрахIим Месопотамехь волуш, Олаллин нуьрехь
Дела хIоьттира цунна хьалха. Цу хенахь ИбрахIим
ХIаран-гIала дIавахаза вара. 3 „Хьайн мохк а,
гергарнаш а битий, Аса хьайна гойтун болчу махка
дIагIо“, – элира Дала ИбрахIиме. 4 †Хашадхойн мохк
дIа а тесна, ХIаран-гIала дIавахара ИбрахIим. Цул
тIаьхьа, цуьнан да кхелхича, Дала иза хIинца шу
Iаш долчу махка хьажийра. 5 ††Дала цунна цхьа а
бахам ца белира, ур-атталла коган айрин барамал
латта а ца делира. Амма Дала чIагIо йира цунна,
иза а, цуьнан тIаьхьенаш а хIокху мехкан дай хир
бу аьлла. Ткъа ИбрахIим цу хенахь доьзалхо воцуш
вара. 6 ‡Дала элира цуьнга: „Хьан тIаьхьенах берш
хийрачу махкахь тIебаьхкина нах а хилла Iийр бу.
Цу махкарчу бахархоша, деа бIе шарахь леш а
бина, Iазапехь латтор бу уьш. 7 ‡†Амма Аса таIзар
дийр ду уьш бацийначу халкъана. Цул тIаьхьа хьан
тIаьхьенаш цу махкара ара а евлла, кху меттехь
Суна корта бетташ хир ю“.
8 ‡‡Юха Дала ИбрахIимца барт бира, цу бертан
билгало хилира боьрша нах хадор. ИбрахIима,
Исхьакхан да ша хилча, борхIалгIачу дийнахь иза
хадийра. ТIаьхьа Исхьакх Якъубан да хилира, ткъа
Якъуб шийтта тайпанан дайн да хилира.
9 ‡‡†Тхьамданаша, Юсупца хьагI а лаьцна, иза
Мисар-махка лай санна воьхкира. 10 ‡‡‡Амма цуьнца
Дела вара, Цо иза массо а халонах
кIелхьарваьккхира. Дала Юсупна хьекъал а
делира, Мисаран паччахь, пирIун, кхунна тIе а
тайтира. Цу паччахьо Юсуп берриг а Мисаран а,
шен цIийнан а куьйгалхо вира. 11 §Юха Мисарахь а,
КанаIанахь а мацалла хIоьттира. Иза йоккха хало
яра. Вайн дай даа хIума доцуш бисира. 12 Мисарахь
кIа ду аьлла шена хезча, Якъуба цига шен кIентий
бахийтира. Уьш цига дуьххьара боьлхуш бара.
13 §†Уьш шолгIа баьхкича, Юсупа ша вовзийтира
вежаршна. ПирIунна а хиира Юсупан гергарчу
нахах лаьцна. 14 §††Цул тIаьхьа Юсупа шен дега
Якъубе а, гергарчу нахе а дIакхайкхира. Цуьнан
гергарчех берриг а кхузткъе пхийтта вара.
15 §‡Якъуб Мисаре веара. Иза а, вайн дай а цигахь
кхелхира. 16 §‡†Церан декъий Шехеме схьа а деана,
ИбрахIима, дато ахча а делла, Хьамуран
кIенташкара эцначу Шехемехь йолчу къубба чу
дехкира.
17 §†Дала ИбрахIимна делла дош кхочушхуьлу хан
тIекхочуш яра, Мисарахь долу вайн халкъ дикка
алсамделира. 18 Цул тIаьхьа Мисар-махкахь кхин
паччахь дIахIоьттира. Цунна Юсупах лаьцна
хIумма а ца хаьара. 19 §‡Иза вайн халкъ Iехош вара.
Вайн дайн халкъана ницкъ бора, вайн бераш
дIатуьйсуьйтура, уьш дийна ца дисийтархьама.
20 §§†Цу хенахь дуьнен чу Муса велира. Иза Далла
хазахеташ вара. Хьалхарчу кхаа баттахь Муса шен
ден хIусамехь кхобуш вара. 21 §§‡Юха иза дIатесна
витича, пирIунан йоIа, дIа а ваьхьна, шен кIант
волуш санна кхиийра иза. 22 Мусана Мисарахь долу
дерриг а Iилманаш Iамийра. Иза дашна а,
гIуллакхна а доьналла долуш вара.
23 §§§Шен шовзткъа шо кхаьчча, вежарий болу
исраилхой болчу ваха дагадеара цунна. 24 Цигахь
волуш цунна гира мисархочо цхьана
исраилхочунна ницкъ беш. Мусас,
исраилхочуьнгахьа гIо а даьккхина, мисархо
вийра. 25 Цунна моьттура вежарий кхетар бу, Дала
шаьш паргIатдаха ша хьажийна хиларх. Амма уьш
ца кхийтира. 26 ШолгIачу дийнахь Мусана гира
вовшахлеташ волу ши исраилхо. Царна юкъахь
бартбан гIоьртира иза: „Шу вежарий ма ду! ХIунда
лета шу вовшах?“ 27 Амма ницкъ беш волчо элира:
„Тхуна тIехь хьаькам а, кхелахо а хьан хIоттийна
хьо? 28 Я айхьа селхана мисархо ма верра, со а вен-
м ца гIерта хьо?“ 29 18И дешнаш хезча, Муса, ведда,
Мадани цIе йолчу махка дIавахара. Цигахь,
тIевеана стаг а хилла, ваха охьахиира иза. Ши
кIант а вира цунна цигахь.
30 19Шовзткъа шо даьлча, Синай цIе йолчу лома
уллохь яьссачу арахь Муса волчу йогучу куллан
цIергахь *малик* деара. 31 Муса чIогIа цецваьллера и
сурт гина. Дика хьажархьама иза уллохьа тIевахча,
цунна Везачу Элан аз хезира: 32 „Со – хьан дайн
Дела ву, ИбрахIиман а, Исхьакхан а, Якъубан а
Дела ву“. Муса кхеравелла вегош вара,
бIаьрганегIар хьалаайа а ца ваьхьаш. 33 Везачу Эло
элира цуьнга: „Мачаш дIаяха хьайн когара, хьо
лаьтта меттиг деза латта ду. 34 Суна Сайн халкъана
Мисарахь ницкъ беш а гина, цуьнан узарш а хезна.
Со уьш паргIатбаха воьссина. ХIинца дIагIо, Аса
Мисар-махка вохуьйту хьо“.
35 20Иза исраилхоша тIе ца эцна волу Муса вара.
Цара цуьнга аьллера: „Хьо хьан хIоттийна тхуна
тIехь хьаькам а, кхелахо а?“ Дала Ша вохуьйтуш
вара иза хIинца хьаькам а, адам паргIатадоккхург а
вина. Коканийн куллахь хиллачу маликехула
динера Дала и гIуллакх. 36 21Оцу Мусас
арадаьккхира шен халкъ Мисарера. Цо дукха
тамашийна билгалонаш а, инзаре хIуманаш а
гайтира Мисарахь а, ЦIечу хIорда йистехь а, кхин
шовзткъа шарахь яьссачу арахь а. 37 22И вара изза
Муса, исраилхошка баьхна волу: „Дала шуна со
санна волу Пайхамар воуьйтур ву шун халкъана

†† *7:2, 3 Доладалар 12:1.* † *7:4 а: Доладалар 11:31; б: Доладалар 12:4.* †† *7:5 Доладалар 12:7; 13:15; 15:18; 17:8.* ‡ *7:6, 7 Доладалар 15:13, 14.* ‡† *7:7 Арадаккхар 3:12.* ‡‡ *7:8 а: Доладалар 17:10-14; б: Доладалар 21:2-4; ц: Доладалар 25:26; д: Доладалар 29:31–35:18.* ‡‡† *7:9 а: Доладалар 37:11; б: Доладалар 37:28; ц: Доладалар 39:2, 21.* ‡‡‡ *7:10 Доладалар 41:39-41.* § *7:11 Доладалар 42:1, 2.* §† *7:13 а: Доладалар 45:1; б: Доладалар 45:16.* §†† *7:14 а: Доладалар 45:9, 10, 17, 18; б: Доладалар 46:27 (Грекийн).* §‡ *7:15 а: Доладалар 46:1-7; б: Доладалар 49:33.* §‡† *7:16 Доладалар 23:3-16; 33:19; 50:7-13.* §† *7:17, 18 Арадаккхар 1:7, 8.*

§‡ *7:19 а: Арадаккхар 1:10, 11; б: Арадаккхар 1:22.* §§† *7:20 Арадаккхар 2:2.* §§‡ *7:21 Арадаккхар 2:3-10.* §§§ *7:23-29 Арадаккхар 2:11-15.* 18 *7:29 Арадаккхар 18:3, 4.* 19 *7:30-34 Арадаккхар 3:1-10.* 20 *7:35 Арадаккхар 2:14.* 21 *7:36 а: Арадаккхар 7:3; б: Арадаккхар 14:21; ц: Лелар 14:33.* 22 *7:37 Карлабаьккхинарг 18:15, 18.*

юкъара“. 38 †Изза вара яьссачу арахь гулделлачу
халкъе Синай-лам тIехь малико шега дийцинарг
дIааьлларг. Мусас схьаийцира деза дешнаш вайга
схьадалархьама.
39 Амма вайн дай, цуьнга ла а ца доьгIна, иза дIа а
тесна, шайн дегнашкахь Мисаре юхабирзира.
40 ††Цара элира АхIароне: „Тхо Мисарара
арадаьхначу Мусана хIун хилла тхуна ца хаьа,
цундела, хьалха а ваьлла, тхо дIадуьгун долу дела
ве тхуна“. 41 ‡Цара эсанан суьртехь цIу ‡† а вина,
цунна сагIа а доккхуш, шайн куьйгашца динчу цу
гIуллакхна деза де хIоттийра. 42 ‡‡И бахьана долуш
Дела дIавирзира царна тIера, уьш стигаларчу
седарчашна *Ибадат* дан а битина. Пайхамарийн
жайни тIехь яздина ма ду:

„Исраилан халкъ!
Шовзткъа шарахь яьссачу арахь Суна тешаме хилар гайтархьама,
дийнаташ дагоран а, кIен а сагIанаш даха ма ца дийзира хьан!
43 Ахь *Мулка-цIунна* лерина четар а,
хьайн Делан РамхIаран седа а,
айхьа Iибадат динчу *цIуйн* суьрташ а лелийра.
Ахь иза дарна, хьо махках а даьккхина,
Бавелал дехьа эккхор ду Ас“.

44 ‡‡†Вайн дайн яьссачу арахь Тоьшаллин Четар
дара. Иза Дала Мусага де ма-аллара, Мусана гиначу
кепехь дина дара. 45 ‡‡‡Вайн дайша ЮшаIна
тIаьхьахIиттина, тIом а беш, шаьш схьабаьккхинчу
махка деара и четар. Ткъа Дала цигахь хьалха
Iийна халкъаш дIалаьхкира. Дауд паччахь хIотталц
цу махкахь дара и четар. 46 §Дела реза вара
Даудана, цундела Дауд Деле бакъо йоьхуш вара
Якъубан тIаьхьенна Далла лерина гIишло ян.
47 §†Амма Далла лерина цIа Сулим-паччахьо дира.
48 Делахь а, Веза Воккханиг адамаша динчу цIа
чохь Iаш вац. Пайхамаро цунах лаьцна аьлла:

49 §††„Стигал Сан *Iарш* ю,
ткъа латта Сан когийн кIело ю.
ХIун цIа дийр дара аша Суна? – боху Везачу Эло.
ХIун меттиг хир яра Суна садаIа?
50 И дерриг а Сан куьйго кхоьллина дац?“

51 §‡Дегнаш а, лергаш а хедоза аьрха нах ду шу!
Гуттар а Делан Синна дуьхьал ду шу! Шайн дай ма-
хиллара шу а ду. 52 Цхьа а пайхамар хиллий, шун
дайша эккхийна лелийна воцуш? Делан
Лаамехьверг вогIур ву аьлларш бойура цара, ткъа
аша хIинца, Цунна ямарта а девлла, Иза а вийна.
53 Дала шуна маликашкахула товратан хьехам
баийтира, амма аша и кхочуш ца бира».

### Тапа хIаллаквар

54 И дерриг а хезча, кхеташонехь берш,
оьгIазбахна, Тапина цергаш хьекхо буьйлабелира.
55 Тапа Делан Синах вуьзна вара. Иза стигала
хьалахьаьжча, цунна Делан нур а, Далла аьтту
агIор лаьтта Iийса а гира. 56 «Хьовсийша, – элира
цо, – суна еллаелла стигал а, Далла аьтту агIор
лаьтта *Адамийн КIант* а го», – аьлла.
57 ТIаккха вуьш, лергаш дIа а къевлина,
цIогIанашца, маьхьаршца цхьаьний тIелетира
цунна. 58 Иза такхийна гIаланах ара а ваьккхина,
цунна тIулгаш детта буьйлабелира уьш. Тешаша
шайн тIехулара бедарш Шаул цIе йолчу жимачу
стеган когашка охьакхийсира. 59 Цара шена тIулгаш
деттачу хенахь, Тапас доIа дира: «Iийса-Эла,
дIаэцахьа сан са!» 60 Цул тIаьхьа, гора а воьжна,
чIогIа элира цо: «Веза Эла, къилахь ма лаpалахь
кхарна хIара гIуллакх!» Иза а аьлла, Тапа кхелхира.

8 Шаула къобалдора Тапин вер.

### Шаула Iийсан мурдаш баланехь латтор

Цу дийнахь Ярушалаймехь Iийсах тешаш
болчийн тобане бала хIоттийра. ЯхIуд-махкахула а,
Шамран-махкахула а дIасалаьхкира массо а, цхьа
векалш боцурш. 2 Тапа суьпачу наха дIавоьллира,
цунах доккха белхар а хIоттош. 3 §‡†Ткъа Шаул
Iийсах тешаш болу нах хIаллакбан волавелира.
Цхьана цIа чуьра вукху чу а воьдуш, божарий а,
зударий а дIа а лоьцуш, набахти чу бухкуьйтура цо.

### Пилапа Шамран-махкахь хьехам бар

4 Ткъа шайн меттера дIалаьхкина болчу мурдаша
Везачу Элан Дашах лаьцна *хаза кхаъ* кхайкхабора
шаьш лелачохь. 5 Пилап, Шамран-махкарчу
коьртачу гIала чу а воьссина, Дала леррина
Къобалвинчух лаьцна кхайкхам беш вара.
6 Массара а цуьнга дика ладугIура. Цо деш долу
тамашийна хIуманаш а гора царна. 7 Телхинчу
дуккха а нахана чуьра жинаш маьхьарца
арадуьйлура, меттахь биснарш а, заьIапнаш а
толора. 8 Цу гIалахь болу нах чIогIа самукъадаьлла
бара.
9 Цу гIалахь Iаш, ШамIа цIе а йолуш, бозбунчалла
лелош, цхьа стаг вара. Цо лелочух Шамран-
махкахь болу нах цецбуьйлура. Иза ша сийлахь-
воккха ву бохуш вара. 10 Леррина цуьнга хьоьжуш
болчу хьалдолчу а, къечу а наха олура: «И стаг шех
„Сийлахь ницкъ“ олучу Делан ницкъах лаьтташ ву».
11 Халкъо къаьсттина тидам тIебахийтира цунна,
хIунда аьлча цо дуккха а йолчу хенахь цецбохура
уьш шен бозбунчаллашца. 12 Амма Делан олаллех
а, Iийса Дала къобалвина хиларх а хаза кхаъ
кхайкхочу Пилапа шаьш тешийча, оцу гIалара
божарша а, зударша а шаьш хих чекхбохуьйтура.
13 ШамIас, теша а тешна, ша а хих

---

† *7:38 Арадаккхар 19:1–20:17; Карлабаьккхинарг 5:1-33.* †† *7:40 Арадаккхар 32:1.* ‡ *7:41 Арадаккхар 32:2-6.* ‡† *ЦIу *– тIулгах, дечгах я кхечу хIуманах дина, наха Дела ву бохуш, корта бетта сурт.** ‡‡ *7:42, 43 Iамос 5:25-27 (Грекийн).* ‡‡† *7:44 Арадаккхар 25:9, 40.* ‡‡‡ *7:45 Якъуба 3:14-17.* § *7:46 Дауд 7:1-16; 1 Шерашкахь 17:1-14.* §† *7:47 Сулим 6:1-38; 2 Шерашкахь 3:1-17.* §†† *7:49, 50 ЕшаI-ЯхIу 66:1, 2.* §‡ *7:51 ЕшаI-ЯхIу 63:10.*

§‡† *8:3 Векалийн 22:4, 5; 26:9-11.*

чекхваккхийтира. Массанхьахула а Пилапана
тIаьхьа а хIоьттина лелара иза, цо лелочу инзаречу
хIуманех а, тамашийна гIуллакхех а цецвуьйлуш.
14 Ярушалаймехь болчу векалша, Шамран-
махкарчу наха Делан дош тIеэцна аьлла шайна
хезча, цига Кипий, Яхьъяй вахийтира. 15 Цу шиммо,
схьа а веана, доIа дира, и дош тIеэцначарна Делан
Са тIелацар доьхуш. 16 ХIунда аьлча царна тIе
цхьанна а Делан Са доьссина дацара. Уьш Iийса-
Элан дуьхьа хих чекхбаьхна бен бацара. 17 Кипас а,
Яхьъяс а царна тIехула куьйгаш лецира, тIаккха
Iийсах тешначарна Делан Са тIеийцира.
18 Делан Са, векалша куьйгаш лаьцча, дуссуш
хилар шена гича, ШамIас цаьрга ахча кховдийра:
19 «Суна а лойша и бакъо, – бохура цо, – Ас куьйгаш
тIехула лаьцначунна Делан Са лур долуш».
20 Кипас элира: «Хьоьца цхьаьна
хIаллакьхуьлийла хьан ахча, хIунда аьлча хьуна
моьтту, Дала делла хьуьнар ахчанах эцалур ду.
21 Оха дечу кху гIуллакхехь ахьа дакъалаца йиш яц,
хIунда аьлча хьан дог Далла хьалха цIена дац.
22 Хьайн къинна дохко а валий, Деле деха, Цо хьан
дагахь хиллачунна гечдан а мега хьуна. 23 ХIунда
аьлча суна го, хьо дераллех вуьзна а, къинойн
йийсарехь а хилар».
24 ШамIас дийхира тIаккха: «Везачу Эле сох доIа
дейша, аша аьлларг цхьа а суна ца
хилийтархьама».
25 Векалша, тоьшалла а деш, Везачу Элан дош
кхайкхадора цигахь. Цул тIаьхьа уьш Ярушалайме
юхабаьхкира, новкъахь Шамран-махкарчу дуккха а
ярташкахь хаза кхаъ а кхайкхош.

## Пилап а, эфиопхо а

26 Везачу Элан малико элира Пилапе: «Хьала а
гIаттий, къилбехь болчу, Ярушалаймера яьссачу
арахула Iази-гIала боьдучу новкъа вала», – аьлла.
27 ТIаккха Пилап дIавахара. Цунна дуьхьалкхийтира
ваьIна волу эфиопхо. Эфиопин-пачхьалкхан
Кхандакх цIе йолчу зуда-паччахьан цIийнехь
лаккхарчу даржехь а волуш, цу паччахьан дерриг а
жовхIарех жоп а луш, уьш лардеш вара иза.
Ярушалайме Далла *Iибадат дан* а веана, 28 хIинца
цIа воьдуш вара и эфиопхо. Шен гIудалкха а хиъна,
ЕшаI-ЯхIу-пайхамаран жайна а доьшуш, вогIура
иза. 29 Делан Сино элира Пилапе: «Цу гIудалкха тIе а
гIой, улло а хIоттий, дIагIо», – аьлла. 30 ГIудалкхана
тIеваханчу Пилапна хезира цхьаммо ЕшаI-ЯхIу-
пайхамарехула Делера болу хаам боьшуш.
«Айхьа доьшучух кхетий хьо?» – хаьттира Пилапа.
31 «Цхьаммо кхетош ца хилча, со муха кхетар ву?»
– элира эфиопхочо. ТIаккха Пилапе, хьала а валий,
шена юххе охьахаа аьлла, дийхира цо. 32 †Жайни
тIехь цо доьшу дешнаш хIорш дара:
«Урс хьакха буьгу уьстагI санна,
дIавуьгуш вара Иза,
ша лоргучунна хьалха, Iахар санна, шена чуьра
Iаь ца йолуьйтуш,
тийна Iара Иза.
33 Сийсазваьккхина вара Иза,
ткъа нийса кхел Шена яйта Цуьнан бакъо яцара.
Хьан дуьйцур дара Цуьнан тIаьхьенах лаьцна,
хIинца Цуьнан дахар лаьттара дIахьош хилча?»
34 ВаьIначо хаьттира Пилапе: «Алахьа соьга,
хьанах лаьцна дуьйцу пайхамаро кхузахь, шех я
кхечух?» 35 ТIаккха Пилапа Делан Йозанан оццу
декъа тIера вола а велла, ваьIначунна Iийсах
лаьцна хаза кхаъ бовзийтира. 36 Уьш схьабогIуш хи
тIе кхечира.
«Хьажахьа, хIара хи ду, – элира ваьIначо, – стен
новкъарло йо суна хих со чекхваккхийта?» ††
38 ВаьIначо омра дира, гIудалкх сацае аьлла. И
ший а хи чу велира. Пилапа хих чекхваьккхира иза.
39 Уьш хи чуьра хьалабевлча, Везачу Элан Сино
Пилап цигара цIеххьана дIаийцира, ваьIначунна
иза кхин ца гира. Самукъа а долуш, шен некъ кхин
дIа а бира эфиопхочо. 40 Пилап цул тIаьхьа Ашдод-
гIала нисвелира. Массо а гIаланашкахь хаза кхаъ
кхайкхабора цо, ша Кхесрине дIакхаччалц.

## Шаулан Iийсах тешар

(Векалийн 22:6-16; 26:12-18)

9 Хьалха санна оьгIазаллех кхехкаш вара Шаул,
Iийсан мурдаш хIаллакьхиларе сатуьйсуш. Иза
*динан коьрта да* волчу веара. 2 Цо цуьнгара
Дамасакх-гIаларчу жуьгтийн гуламан цIеношка
дахьа лерина кехаташ дехира. Цу кехаташа Шаулна
бакъо лора Iийсан некъан мурдаш, божарий а,
зударий а, бехка а бихкина, Ярушалайме схьабало,
нагахь уьш цунна карабахь.
3 Иза Дамасакхе схьакхочучу хенахь, цIеххьана
стигаларчу серлоно къагийра иза. 4 Шаул лаьтта
охьавоьжча, цунна аз хезира. Цо кхуьнга бохура:
«Маржа Шаул яI! Соьга бала хIунда хьоьгуьйту
ахь?»
5 «Хьо мила ву, Веза Эла?» – хаьттира Шаула.
«Со Iийса ву, ахьа эккхийна лелош волу, – элира
Цо. 6 ХIинца, хьала а гIаттий, гIала гIо, цигахь эр ду
хьоьга ахь хIинца дан дезарг».
7 Шаулна тIаьхьа богIу нах Iадийна лаьттара, аз а
хезаш, амма цхьа а ган а ца гуш. 8 Шаул лаьттара
хьалагIаьттира, амма цо бIаьргаш схьабиллича,
цунна хIумма а ца гора. Наха, куьг а лаьцна,
валийра иза Дамасакхе. 9 Кхаа дийнахь а, буса а
бIаьрса дайна Iийра иза. Цо яа а ца йоура, мала а
ца молура.
10 Дамасакххехь Iаш Iийсан мурд вара, Хьанас цIе а
йолуш. Цунна сурт хIоьттинчу хенахь, Везачу Эло
цуьнга элира: «Ва Хьанас!»

† *8:32, 33 ЕшаI-ЯхIу 53:7, 8 (Грекийн).*

†† *Цхьадолу тIаьхьарчу тептарш тIехь 37-гIа аят тIетоьхна ду: *Пилапа элира цуьнга: «Даггара хьо тешахь, мегар ду хьуна». ВаьIначо элира: «Со теша, Iийса, Дала леррина Къобалвинарг – Делан КIант хилар».**

ТIаккха хIокхо жоп делира: «Эла, со кхузахь ву!» –
аьлла.
11 Эло цуьнга элира: «„Нийсаниг“ олучу урамехь
долчу ЯхIудан цIа чу а гIой, Тарс-гIалара Шаул цIе
йолу стаг хатта. Хьажалахь, иза хIинца доIанаш
деш ву. 12 Цунна сурт хIоьттина, Хьанас цIе йолчу
стага, ван а веана, шен бIаьргаш тIе куьйгаш
дохкуш, шен бIаьрса схьадаийта».
13 Хьанаса элира: «Веза Эла, суна дукха нахера
хезна оцу стагах а, цо Хьан безачу нахана
Ярушалаймехь динчу вонах а лаьцна. 14 Иза динан
коьртачу дегара кехат а дахьаш веана, Хьоьга мел
кхойкхург чуволла бакъо луш долу».
15 Везачу Эло элира Хьанасе: «ДIавало! И стаг Ас
хаьржина гIирс бу. Цо кхайкхор ю Сан цIе кхечу
къаьмнех болчу нахана а, церан паччахьашна а,
Исраилан халкъана а. 16 Ас гойтур ду цунна, Сан цIе
бахьана долуш шен мел баланаш лан деза».
17 Хьанас, дIа а вахана, шега аьлла цIа схьа а
карийна, цу чу вахара. Цо, Шаулан бIаьргаш тIе
куьйгаш а дехкина, элира: «Ваша Шаул, хьо кхуза
вогIуш, хьуна новкъахь гучуваьллачу Везачу Эло
Iийсас ваийтина со, хьуна юха а са гайтархьама а,
хьо Делан Синах вуьзна хилийтархьама а».
18 Цу сохьта, пардо дIадаьлча санна, бIаьрса
серладаьлла, са гира Шаулна. ХьалагIаьттинчул
тIаьхьа цхьаммо хих чекхваьккхира иза. 19 ХIума
йиинчул тIаьхьа гIора деара цуьнга.

## Шаула Дамасакхехь хьехам бар

Мурдашца масех де даьккхира Дамасакхехь
Шаула. 20 Шаул жуьгтийн гуламан цIеношкахь
хьехам бан волавелира, Iийса *Делан КIант* ву
бохуш.
21 Цуьнга ладоьгIначара, цец а буьйлуш, хоьттура:
«Иза вацара Ярушалаймехь Iийсага кхойкхуш берш
хIаллакбан гIерташ? Кхуза а уьш, схьа а лоьцуш,
динан коьртачу дайшна тIебига веана вац иза?»
22 Шаул нахана хьехам барехь тIаьхь-тIаьхьа
чIагIлуш вара. Дамасакхехь болчу жуьгташка цунна
дуьхьало ца ялора, цо Iийса *Дала леррина
Къобалвинарг* ву аьлла тешийча.
23 Дикка хан яьлча, жуьгташа барт бира Шаул вен.
24 Шаулна хиира цара дагалаьцнарг. Жуьгташа
дийнахь а, буса а гIалин кевнаш лардора иза
верхьама. 25 Амма цуьнан мурдаша буьйсанна
гIалин гонахарчу пена тIехула тускар чохь
чувоссийра иза.

## Шаул Ярушалаймехь

26 Ярушалайме а веана, Iийсан мурдех дIакхета
хьаьжира Шаул, амма уьш, кхоьруш, ца тешара
хIара а Цуьнан мурд хиларх. 27 ТIаккха Бар-Нааба
векалшна тIевалийра иза. Цо дийцира царна,
Шаулна новкъахь Веза Эла гар а, Везачу Эло
кхуьнца къамел дар а, Шаула Iийсан олаллин
цIарах майрра Дамасакхехь хьехам бар а. 28 Цаьрца
мелла а хан яьккхира Шаула. Иза паргIат лелара
Ярушалаймехь, Iийсан цIарах майрра хьехам а
беш. 29 Цо кест-кеста къуьйсура грекийн мотт
буьйцучу жуьгташца. Эххар а хIара вен барт
хилира церан. 30 Иза хиъча, динан вежарша Шаул
Кхесрин-гIала дIавигира, ткъа цигара Тарс-гIала
дIакхетийра.
31 ЯхIуд-махкахь а, Галилайхь а, Шамран-махкахь
а Iийсах тешачийн тобанашна маьрша хан еара.
Везачу Элан сийлаллех а кхоьруш, Делан Синан
гIоьнца чIагI а луш, алсамбовлуш бара Iийсах
тешаш берш.

## Енай туовар

32 Кипа махкахула ваьлла лелаш вара. Ша воьдучу
новкъахь Лодди-юьртара беза нах болчу вахар
сацийра цо. 33 БархI шарахь меттахь Iиллина волу
Енай цIе йолуш цхьа стаг карийра цунна цигахь.
34 Кипас элира цуьнга: «Енай! Дала леррина
къобалвинчу Iийсас тово хьо. Хьала а гIаттий,
хьайн мотт дIабаккха». Енай цу сохьта
хьалагIаьттира. 35 Лодди-юьртара а, Шарон-арара а
нахана иза туовелла гича, уьш Везачу Элана
тIебирзира.

## Тавита денъялар

36 Iийсах тешаш а йолуш, Яппи-гIалахь Iаш Тавита
цIе йолуш цхьа зуда яра. (Грекийн маттахь цуьнан
цIе Дорка яра, иза «лу» бохург ду.) Тавита гуттар а
диканиг деш а, мискачарна сагIа луш а стаг яра.
37 Цу хенахь, цомгуш а хилла, елира иза. Цуьнан
дакъа, лийча а дина, лакхарчу цIа чохь
охьадиллира. 38 Лодди-юрт Яппи-гIалина уллохь
хиларна, Кипа Лодди-юртахь ву аьлла шайна
хезча, и волчу ши стаг вахийтира мурдаша, цуьнга
сихонца схьавола аьлла. 39 Кипа цу нахаца
схьавеара. Уьш схьакхаьчча, иза лакхарчу цIа чу
вигира. Кипина гонах бисина Iаш болу зударий
гулбелира. Белха а боьлхуш, Доркас шайца йолчу
хенахь цо тегна йолу кучамаш а, кхин йолу
хIуманаш а гойтура цара. 40 Массо а чуьра ара а
ваьккхина, гора а хIоьттина, доIа дира Кипас. Юха,
еллачуьнгахьа дIа а вирзина, элира цо: «Тавита,
хьалагIатта!» Зуда, бIаьргаш схьабиллича, Кипа а
гина, кIегархиира. 41 Кипас, куьг а лаьцна, гIо дира
цунна когаш тIе ирахIотта. Юха Iийсах тешарш а,
бисина Iаш болу зударий а схьа а кхайкхина, царна
денъелла Тавита дIагайтира цо. 42 Цу хIуманах
лаьцна ерриг а Яппи-гIалахь хиира, тIаккха дуккха
а адамаш Везачу Элах тийшира. 43 Кипас кхин а
гIеххьа хан яьккхира Яппи-гIалахь. Иза цIокаршна
дабагIа дечу ШамIин цIа чохь Iаш вара.

## Кипа Корнил волчу вахар

10 Кхесрин-гIалахь Iаш вара Корнил цIе йолу
цхьа стаг. Иза Италера полкан эпсар вара.
2 Иза ша а, цуьнан доьзал а суьпа а, Делах кхоьруш

а нах бара. Цо мискачу нахана сагIа а лора, гуттар а
Деле доIанаш а дора. 3 Цкъа цхьана дийнахь
делкъал тIаьхьа кхо сахьт долуш Корнилна сурт
хIоьттира. Цунна дика къаьсташ Делан *малик* гира.
ХIара волчу а деана, малико элира: «Корнил!»
4 Кхеравелла, цуьнга дIахьаьжира Корнил. «ХIун
боху ахьа, Эла?» – хьаьттира цо.
Малико жоп делира: «Хьан доIанашна а,
сагIанашна а Дала жоп делла. 5 Яппи-гIала нах а
бахийтий, шех Кипа олучу ШамIе схьакхайкха.
6 ЦIокарчашна дабагIа дечу ШамIин цIа чохь,
хIорда йистехь сецна хьуна иза». 7 Шеца къамел
дина малик дIадахча, Корнила шина ялхочуьнга а,
ша куьйгалла дечу, Делах кхоьручу цхьана
тIемалочуьнга а схьакхайкхира. 8 Дерриге а
хилларг а дийцина, уьш Яппи-гIала бахийтира цо.

### Кипина сурт хIоттар

9 ШолгIачу дийнахь бахийтинарш гIалин йисте
кхочуш, Кипа доIа дан цIийнан нийсачу тхов тIе
хьалавелира. 10 Мац а велла, яа хIумане сатесира
цо. Чохь болчара кхача кечбечу муьрехь шовкъ
еара цунна. 11 Еллаелла стигал а, еа маьIIера
дIалаьцна, лаьтта охьайоуьйтуш йоккхачу шаршух
тера йолу цхьа хIума а гира цунна. 12 Цу шаршу
юкъахь биъ ког болу тайп-тайпана дийнаташ а,
текхаргаш а, олхазарш а дара. 13 Юха цхьана озо
элира цуьнга: «Кипа, хьала а гIаттий, яйа а яйий, яа
уьш», – аьлла.
14 Амма Кипас элира: «Ма ала иза соьга, Веза Эла!
Ас цкъа а ца йиъна хьарам йолу хIума».
15 ТIаккха озо кхин цкъа а элира: «Дала магийтина
хIума хьарам ма хета». 16 Иштта кхузза хилира,
тIаккха цу сохьта шаршу юха а стигала
хьалаяьхьира.
17 Кипа ойла еш лаьттара, шена хIоьттина сурт
хIун маьIна долуш ду те бохуш. Цу хенахь Корнила
бахкийтина нах, ШамIин цIенош а карийна, кевнна
хьалха севцира. 18 Мохь а тоьхна, хаьттира цара:
«Шех Кипа олу хьаша ШамIа вуй кхузахь?» – аьлла.
19 Кипа, дIа а хIоьттина, шена гиначу суьртах ойла
еш вара. ТIаккха Делан Сино элира цуьнга: «ШамIа,
хьо лоьхуш кхо стаг ву. 20 Хьала а гIаттий, лаха
чувосса. Шек а ца волуш, цаьрца дIагIо, хIунда
аьлча уьш Ас бахкийтина бу».
21 Кипас, чу а воьссина, элира цу нахе: «Аша
лоьхург со ву. ХIунда даьхкина шу?» – аьлла.
22 Цара жоп делира: «Тхо дахкийтинарг эпсар
Корнил ву. Иза цIена а, Делах кхоьруш а стаг ву,
массо а жуьгташа лара а лоруш. Делан малико
аьлла цуьнга, хьо шен цIа чу кхайкха аьлла, ахьа
дуьйцучуьнга ладогIархьама». 23 ТIаккха Кипас, уьш
чу а кхайкхина, хьошалла дира царна.

### Кипа Корнилан хIусаме вогIу

ШолгIачу дийнахь Кипа а, Яппи-гIалара кхин
масех динан ваша а цу нахаца дIавахара. 24 Кхин
цхьа де даьлча, уьш Кхесрин-гIала кхечира. Корнил
цаьрга хьоьжуш Iаш вара, шен гергарчу нахе а,
уллорачу доттагIашка а кхайкхина. 25 Кипа чоьхьа
ваьлча, Корнил, цунна дуьхьал а веана, цуьнан
когашка гора вуьйжира. 26 «ХьалагIатта, – элира
цуьнга Кипас, – со хьо санна адам ма ду».
27 Корнилаца къамел а деш, Кипа цIа чу вахара.
Чохь гулделла дуккха а адам дара. 28 Кипас элира
цаьрга: «Шуна дика хаьа, жуьгтичунна кхечу
къомах болчу нахаца къамел дан а, церан чу ваха а
дихкина дуйла. Амма Дала элира соьга, ас цхьа а
хьарам лара ца веза аьлла. 29 Цундела сайна
тIаьхьа нах бахкийтича, со, дуьхьало ца еш,
схьавеана. ХIинца пурба лойша шайга хатта: хIунда
кхайкхина аша соьга?»
30 Корнила жоп делира: «Кхо де хьалха хIокху
хенахь сайн чохь ламаз деш вара со, делкъал
тIаьхьа кхо сахьт даьллера. ЦIеххьана суна хьалха
къегаш духар а дуьйхина стаг хIоьттира. 31 „Корнил,
– элира цо, – Дала хьан доIанашна а, мискачарна
деллачу сагIанашна а жоп делла. 32 Кипа олучу
ШамIе кхайкха нах бахийта. Иза хIорда йистехь
Iаш волчу цIоканашна дабагIа дечу ШамIин цIа
чохь ву хьуна“. 33 Ас цу сохьта хьуна тIаьхьа нах
бахкийтира. Дика ду хьо веана. ХIинца вай массо а
Далла уллохь ду, хьоьга дерриге а Цо тхоьга
схьаала тIедиллинчуьнга ладогIархьама».
34 †Кипа дийца волавелира: «ХIинца хаьа суна
Дела билггала озабезам ца беш вуйла. 35 Цо массо а
къомах болу нах тIеоьцу, нагахь уьш Иза лара а
лоруш, нийсо лелош белахь! 36 Шуна хаьа хир ду
Дала Исраилан халкъана бахьийтинчу кхоах
лаьцна. Массеран а Веза Эла волчу, Дала леррина
къобалвинчу Iийсагахула Делаца бинчу бартах
лаьцна бу и *хаза кхаъ*. 37 Яхьъяс нах хих чекхбаха
кхайкхинчул тIаьхьа Назартара Iийса Дала
къобалвира, Шен Са а, ницкъ а луш. И шуна хаьа.
ТIаккха Iийса Галилайра дIаволавелла, берриге а
ЯхIуд-махкахь массанхьахула лелара, диканиг деш
а, иблисан олалла шайна тIехь долу нах тобеш а,
хIунда аьлча Цуьнца Дела вара. 39 Iийсас жуьгтийн
махкахь а, Ярушалаймехь а динарг ган а гина,
цуьнан тешаш ду тхо. Иза вийра, дечигах хьала а
оьллина, 40 амма Дала веллачуьра кхозлагIчу
дийнахь денвира. Iийса Делан лаамца нахана
гучувелира. 41 Иза хIоранна а гуш вацара, амма
Дала къастийначу тхуна, тешашна, гира Иза. Оха
Цуьнца даа а диира, мала а мелира Иза веллачуьра
денвеллачул тIаьхьа. 42 Цо тхуна тIедиллира нахе
кхайкхам бар а, тоьшалла дар а, Ша Дала
дийначарна а, беллачарна а тIехь кхел ян
хIоттийна ву аьлла. 43 Цунах лаьцна массо а
пайхамарша тоьшалла до Цунах тешачунна
Цуьнан цIарах къиношна гечдийриг хилар».
44 Кипас къамел дечу хенахь цо дуьйцучуьнга
ладугIучарна массарна а тIе Делан Са доьссира.
45 Кипица баьхкина сунтбина болу Делах тешаш

† *10:34 Карлабаькхинарг 10:17.*

берш инзарабевлла бара Делан Са кхечу
къаьмнийн нахана тIедоссарх, 46 хIунда аьлча
царна хезнера цу наха тамашийна меттанаш
дуьйцуш а, Дела хестош а. ТIаккха Кипас элира:
47 «Муха мегар ду царна хих чекхбахар дехка?
Делан Са, вайна санна, царна тIе а ма доьссина!»
48 Цо Дала леррина къобалвинчу Iийсан дуьхьа хих
чекхдахийта аьлла, тIедожийра царна. Цул тIаьхьа
хIусамдайша дийхира Кипига, шайца кхин а масех
де даккха аьлла.

### Кипас Ярушалаймерчу кхеташонехь дина къамел

11 Берриг а ЯхIуд-махкахь болчу векалшна а,
динан вежаршна а хезнера, кхечу къаьмнех
болчара Делан дош тIеэцна бохуш. 2 Цундела Кипа
Ярушалайме веача, Iийсах тешаш болу сунтбинарш
хIокхуьнга бехкаш даха хIиттира. 3 «Сунтбаза
болчеран чу а воьдуш, цаьрца хIума йиъна ахь», –
бохура цара. 4 ТIаккха дерриге а муха хилла, царна
ма-дарра дийца волавелира Кипа.
5 «Со Яппи-гIалахь доIанаш деш вара, – дуьйцура
цо, – шовкъ еанчу суна сурт хIоьттира. Еа маьIIера
схьа а лаьцна, стигалара со волчу охьайоуьйтуш
йолу цхьа йоккхачу шаршух тера хIума гира суна.
6 Цу чу хьаьжча, суна гира биъ ког болу дийнаташ
а, акхарой а, кхин а текхаргаш а, олхазарш а. 7 Юха
суна аз хезира: „Кипа, хьала а гIаттий, яйа а яйий,
яа уьш“, – аьлла. 8 Ас жоп делира: „Ма ала иза
соьга, Веза Эла! Цкъа а хьарам йолу хIума йиъна яц
аса“, – аьлла. 9 Стигаларчу озо юха а элира: „Дала
магийтинарг хьарам ма хета“. 10 Иштта кхузза
хилира, юха шаршу стигала хьалаяьхьира.
11 Оццу хенахь со волчу цIенна уллохь кхо стаг
сецира. Уьш со волчу Кхесрин-гIалара бахкийтина
бара. 12 Делан Сино, шек а ца волуш, цаьрца дIагIо
элира соьга. ХIара ялх динан ваша а веара соьца.
Тхо соьга кхайкхинчу стеган цIа чу дахара. 13 Цу
стага дийцира, цIа чохь шена *малик* гина бохуш.
Малико аьлла цуьнга: „Яппи-гIала ШамIе
схьакхайкха бахийта. Цунах кхин Кипа а олу. 14 Цо
цхьа *хаза кхаъ* бахьар бу шуна. И кхаъ бахьанехь
хьо а, хьан цIеранаш а кIелхьарбевр бу“.
15 Со дийца волавелча, хьалха тхуна тIе санна,
царна тIе а Делан Са доьссира. 16 †ТIаккха суна
Везачу Элан дешнаш дагадеара: „Яхьъяс адамаш
хих чекхдохура, ткъа шу Делан Синах дузур ду“.
17 Цундела Дала леррина къобалвинчу Iийса-Элах
тешачу вайна Дала делларг царна а делла хилча, со
мила ву Далла дуьхьал вала?»
18 Оцу дерригене а ладоьгIча, церан дуьхьал ала
хIумма а дацара. Цара Далла хастам бора: «Дала
кхечу къаьмнех болчарна а некъ белла Шена
тIеберза, Шеца дахар хилийта».

### Антиохера Iийсах тешачийн тоба

19 ††Тапа вийначул тIаьхьа шайна беш хиллачу
ницкъах бевдда кIелхьарбевлла Iийсах тешнарш
Пиники-гIала а, Кипре а, Антиохе а кхечира. Iийсах
болу хаза кхаъ жуьгташна бен ца бовзуьйтура.
20 Амма цхьацца болу кипрхой а, къуринхой а
Антиохе а баьхкина, Iийса-Элах лаьцна хаза кхаъ
грекашна а бийца буьйлабелира. 21 Цаьрца Везачу
Элан лаам бара, цундела дукхахберш церан
дешнех а тешна, Везачу Элана тIебирзира.
22 Цунах лаьцна хаам Ярушалаймехь болчу Iийсах
тешачу нахе кхечира. Цигара Антиохе Бар-Нааб
вахийтира. 23 ДIа а кхаьчна, билггала хилла болу
Делан къинхетам шена гича, хазахеттачу Бар-
Нааба, Iийсах тешна нах иркарахIиттош, къамел
дира, Везачу Элах тешар шайн дегнашкахь латтаде
бохуш. 24 Делах тешарх а, Делан Синах а вуьзна
волу Бар-Нааб дика стаг вара. Иза бахьана долуш
дукха адам Везачу Элана тIедирзира.
25 Цул тIаьхьа Бар-Нааб Тарсе вахара, цигахь
Шаул лахархьама. 26 Схьа а лехна, иза Антиохе
схьавалийра цо. Дийнна шарахь Iийра Бар-Нааб а,
Шаул а Антиохехь Iийсах тешачийн тоба йолчохь.
Цара дуккха а нахана хьийхира. Антиохехь
дуьххьара элира мурдех «Дала леррина
Къобалвинчун берш».
27 Цу хенахь Ярушалаймера Антиохе масех
пайхамар веара. 28 ‡Агав цIе йолчу царах цхьаммо,
дIа а хIоьттина, Делан Синан цIарах хаам бира,
римхойн пачхьалкхехь мацалла хIуттур ю аьлла.
(Калабди Рим-мехкан паччахь волчу хенахь хилира
иза.) 29 Цундела мурдаша сацам бира, шайн тароне
хьаьжжина, ЯхIуд-махкахь болчу динан вежаршна
гIо дан. 30 Иштта дан а дира цара. Ярушалаймехь
болчу Iийсах тешачийн тобанан тхьамданашка
шаьш гулдинарг Бар-Наабе а, Шауле а
дIадахьийтира цара.

### Кипа лацар а, кIелхьарваккхар а

12 Оццу хенахь ХIарод-паччахь Iийсах
тешачийн тобанна таIзар дан волавелира,
царах цхьаберш дIа а лецийтира цо. 2 Омра а дина,
Яхьъян ваша Якъуб тур тоьхна вейтира цо.
3 Жуьгташна и гIуллакх хазахетийла хиъча, Кипа а
дIалацийтира цо. (Иза хилира совсазчу баьпкан
дезачу дийнахь.) 4 ‡‡Кипа, схьа а лаьцна, набахти чу
воьллира. Иза ларван тIемалойн йиъ тоба
хIоттийра, хIора тобанехь виъ стаг а волуш.
*Пасахьан* деза де чекхдаьлча Кипа халкъан
кхелана хьалха хIотто дагахь вара ХIарод. 5 Кипа
набахтехь велахь а, Iийсах тешачийн тоба даггара
цунах лаьцна Деле доIанаш деш яра.
6 Кхана кхеле воккху аьллачу буса, шина а агIор
зIенаш а тоьхна, шина тIемалочунна юккъехь

† *11:16 Векалийн 1:5.*

†† *11:19 Векалийн 8:1-4.* ‡ *11:28 Векалийн 21:10.* ‡‡ *12:4 Арадаккхар 12:1-27.*

вижина Іуьллура Кипа. НеІарехь льтташ гІарол а
дара. [7] ЦІеххьана Везачу Элан *малик* а деана,
набахтин чоь серлаяьккхира. Муьшка йина, Кипа
сама а ваьккхина, малико элира: «ХьалагІатта
сиха!» Цу сохьта Кипин куьйгаш тІера зІенаш
охьаийгира. [8] Юха малико элира: «ТІе хІума а юха,
кога мачаш а юха», – аьлла. Кипас цо ма-аллара
дира. «Хьайна тІе бедар а хьарчаяй, суна
тІаьхьахІотта», – элира малико. [9] Кипа маликана
тІаьххье набахтера аравелира, дерриг а малико
деш дерг самах хуьлуш дуйла а ца хууш. Цунна
моьттура шена хІоьттинарг цхьа сурт ду. [10] Уьш
цхьана гІаролах а, шолгІачу гІаролах а тІех а
бевлла, гІала доьдучу аьчка кевнна тІебаьхкира.
Ков ша царна хьалха схьа а делладелла, уьш
арабевлира. Бехачу урамехула чекхделира и шиъ,
юха малик къайладелира.
[11] Кипа меттавеача, цо элира: «ХІинца билггала
хаьа суна, Дала, Шен малик а даийтина, ХІародан
куьйгех а, жуьгташна луучу таІзарх а со
кІелхьарваьккхинийла».
[12] Дерригенах кхета а кхетта, Мареман цІа
долчухьа вахара Кипа. Марк аьлла цІе йоккхучу
Яхьъян нана яра и Марем. Цуьнан цІа чохь дуккха
а адам гулделлера доІанаш дан. [13] Кипас ков
тоьхча, Рода цІе йолу ялхо дуьхьалъелира. [14] Цунна
озах Кипа вевзира. Хазахетар совдаларна, ков
дІаделла йиц а елла, юха чуедира иза.
«Кипа кевнехь ву!» – элира цо.
[15] «Хьо лартІехь юй!» – бохура цуьнга.
Амма иза иштта ду бохура Родас.
«Иза Кипин малик ду», – аьлла, сацам бира цара.
[16] Цу хенахь Кипа ков детташ вара. Эххар а ков
дІадиллича, иза ган а гина, чІогІа цецбевлира уьш.
[17] Куьйган эшарца уьш совца а бина, Кипас
дийцира ша Дала набахтера араваккххарх лаьцна.
«Кхунах лаций Якъубана а, кхечу вежаршна а
дийцалаш», – аьлла, кхечу метте дІавахара иза.
[18] ШолгІачу Іуьйранна тІемалой боьхна хьийзара,
цхьанна а ца хаьара Кипех хилларг. [19] ХІарода омра
дира, массанхьа а иза лаха аьлла, амма лехарх
гІуллакх ца хилира. ТІаккха цо, тІемалошка барт а
хьаьттина, уьш байийтира.

### ХІародан кхалхар

Цул тІаьхьа ХІарода, ЯхІуд-махкара Кхесрин-гІала
а вахана, цигахь жимма хан яьккхира. [20] ХІарод
Цорарчу а, ЦІаданарчу а нахаца барт ийгІина вара.
И нах цуьнга шаьш тІеэцийта лууш бара.
Паччахьан цІентІехь куьйгалхо волу Балсат цІе
йолу цхьа стаг бертавалийра цара шайна гІоьнна.
Цу наха машар бийхира, хІунда аьлча ХІародан
пачхьалкхера чудахьаш дара царна доу хІума.
[21] Билгалдаьккхинчу дийнахь паччахьан духар а
дуьйхина, паччахьан гІанта тІе а хиина, нахе
вистхилира ХІарод. [22] Наха маьхьарий хьаьккхира:
«Иза Делан аз ду, адаман аз дац!» – аьлла. [23] Амма
ХІарода Дела ца лерира, цундела цу сохьта Делан
малико, цамгар а тоьхна, вожийра иза. НІаьнаша
ваарна, хІаллакьхилира иза.
[24] Цу хенахь Делах долу Дош дІасадаьржаш дара.
[25] Шайна тІедиллина гІуллакх Ярушалаймехь чекх а
даьккхина, вухавеара Бар-Нааб а, Шаул а. Марк
аьлла кхин а цІе йоккхуш волу Яхьъя а валийра
цара шайца.

### Бар-Нааб а, Шаул а Далла гІуллакх дан вахийтар

13 Антиохехь йолчу Іийсах тешачийн тобанехь
бара пайхамарш а, Іелам нах а: Бар-Нааб а,
шех кхин а Іаьржаниг олу ШамІа а, къуринахо Луку
а, мехкан куьйгалхочуьнца ХІародца кхиъна волу
Манаан а, Шаул а. [2] Цкъа уьш Везачу Элана
гІуллакх деш а, *марха* кхобуш а болчу хенахь Делан
Сино элира: «Бар-Нааб а, Шаул а Ас цаьрга
кхайкхинчу гІуллакхна схьакъаставе Суна», – аьлла.
[3] Далла гІуллакх дина а, марха кхаьбна а бевлча,
тІе куьйгаш а дехкина, доІа а дина, тІедиллина
гІуллакх кхочушдан дІавахийтира цара и шиъ.

### Векалша Кипрехь хьехам бо

[4] Делан Сино вахийтина и ши векал Селевке
кхечира, ткъа цигара хІордкеманца Кипре
дехьавелира. [5] Салам-гІала схьа а баьхкина, цигахь
жуьгтийн гуламан цІеношкахь Делан Дош хьоьхура
цара. Царна гІо деш Яхьъя а вара цаьрца.
[6] Ерриг а гІайре тІехула чекх а бевлла, ПатІосе
баьхкира уьш. Цигахь царна карийра жуьгтийн
бозбунча а, харц шайх а волу Бар-ЮшаІ. Цуьнан
кхин а, Хьалом олий, цІе йоккхура. [7] Римхойн
проконсул Серги ПахІал волчохь гІуллакх деш вара
иза. Проконсул хьекъал долуш стаг вара, шена
Делан Дош хаза лаарна цо Бар-Наабе а, Шауле а
схьакхайкхийтира. [8] Амма Хьалом (гочйича и цІе
«бозбунча» бохург ду) царна дуьхьал вара.
Проконсул векалша хьоьхучух ца тешийта
къахьоьгуш вара иза. [9] ТІаккха Делан Синах вуьзна
волчу Шаула (цуьнан, ПахІал олий, кхин цІе а
йоккхура), нийсса Хьаломе дІа а хьаьжна, элира:
[10] «Иблисан кІант а, нийса долчун мостагІа а ву хьо!
Аьшпех а, ямартлонах а вуьзна ву хьо. Везачу Элан
нийса некъаш сетто кІордор дац те хьуна цкъа а?
[11] Везачу Элан ницкъ хьуна дуьхьал бу, цундела
бІаьрса а дайна, цхьана билггалчу ханна малхан
серло ца гуш хир ву хьо».
Цу сохьта бода буьйлира Хьаломна гонах. ДІа а,
схьа а тохавелира иза, куьг а лаьцна, ша
дІавигийта цхьаъ лоьхуш. [12] И хилларг а гина,
Везачу Элах болчу хьехамах цецваьлла, Іийсах
тийшира проконсул.

### Писидийн Антиохехь

[13] ПатІосера ПахІал а, цуьнан накъостий а
Пампили-махкахь йолчу Перги-гІала бахара
хІордахула. Уьш цигахь а битина, Ярушалайме
юхавеара Яхьъя. [14] Пергера дІа уьш писидийн

Антиохе бахара. Шоьтан дийнахь жуьгтийн
гуламан цIийне а баьхкина, охьахевшира уьш.
15 Товрат а, пайхамарша яздинарш а дешначул
тIаьхьа гуламан цIийнан хьаькамаша кхарна тIе
хабар даийтира: «Вежарий, нагахь нахана
пайденна хин долу хIума ала шун делахь, ала
шайна», – аьлла. 16 ПахIала, хьала а гIаьттина,
куьйган эшарца нехан гIовгIанаш а совцийна,
элира:
«Исраилхой а, Далла Iибадат деш болу хийрачу
мехкашкара нах а, ладогIалаш соьга! 17 †Исраилан
халкъан Дала хаьржина вайн дай. Мисар-махкахь
долуш вайн халкъ дуккха а алсамдаьккхина Цо, цу
махкара уьш Шен олаллин ницкъаца ара а баьхна.
18 ††Яьссачу арахь шовзткъа шарахь цаьргара
дуьйлуш дерш собарца лайна Дала. 19 ‡КанаIанехь,
ворхI халкъ хIаллак а дина, церан латта Ша
къастийначу халкъан доладаьккхина Цо. 20 ‡†И
дерриг а хилла диъ бIе шовзткъе итт шеран хенан
йохалла. Цул тIаьхьа Шамъал-пайхамар куьйгалле
в�ллалц Дала кхелахой белла царна. 21 ‡‡Юха
халкъо шена паччахь вехна. Дала Бен-Яманан
тIаьхьенах волу Къушин кIант Шаул велла царна.
Шаула шовзткъа шарахь паччахьалла дина.
22 ‡‡†Цул тIаьхьа Шаул дIа а ваьккхина, Дала Дауд
хIоттийна паччахь. Цунах лаьцна Дала тоьшалла
дина: „Суна Юшаян кIант карийна, и стаг Сан даго
тIелоцуш ву. Цо кхочушдийр ду Сан гIуллакхаш“.
23 Ша аьлла ма-хиллара, Даудан тIаьхьенах волу
Iийса кхайкхина Дала Исраилан халкъ
кIелхьардаккха. 24 ‡‡‡Iийса вале Яхьъяс кхайкхам
бира берриг а Исраил-махкахь нахе, Далла тIе а
дерзий, шаьш хих чекхдахийта аьлла. 25 §Шена
тIедиллина декхар кхочушдина волуш, Яхьъяс
олура: „Со шуна моьттург вац, хIан-хIа, Иза сол
тIаьхьа вогIур ву, со Цуьнан мачийн бахтарш
дIадаста а хьакъ вац“.
26 Вежарий, ИбрахIиман бераш, шу а, Делах
кхоьру хийрачу мехкашкара дерш, и
кIелхьардовларх болу кхаъ вайна баийтина бара!
27 Ярушалаймера бахархошна а, церан
хьаькамашна а Iийса ца вевзира. Цара кхел йира
Цунна. Цу кеппара, хIора шоьтан дийнахь вай
доьшуш долу пайхамарийн дош кхочушхилира.
28 §†Иза вен Цуьнгара даьлла цхьа а хIума ца
карийра царна, амма Пулатера бакъо йийхира
цара Иза хIаллаквайта. 29 §††Цунах лаьцна хир ду
аьлларг дерриг а кхочушдича, Иза жIарах
дIатоьхначуьра охьа а ваьккхина, къубба чу
виллира цара. 30 Амма Дала веллачуьра денвира
Иза. 31 §‡Кхин а дуккха а деношкахь Цуьнца
Галилайра Ярушалайме баьхкинчарна гира Иза.
Уьш хIинца Цуьнан тешаш бу вайн халкъана
хьалха. 32 Дала вайн дайшна дийр ду аьлла дикачух
*хаза кхаъ* кхайкхош бу оха хIинца. 33 §‡†Iийса а
ваийтина, вайна, церан берашна, Дала
кхочушдина Ша аьлларг. ШолгIачу назми тIехь
яздина ду:
„Хьо Сан кIант ву,
тахана Хьан Да хили Сох“.
34 §†Дала Иза веллачуьра денвина, Цуьнан дегIана
цкъа а талхар ца гайта. Цо аьлла оцунах лаьцна
ишттачу дешнашца:
„Даудана *ваIда* деш аьлла долу сийлахь а, гуттар
хиндолу а диканаш лур ду шуна“.
35 §‡Кхечу меттехь яздина ду:
„Ахьа Хьайна тешаме Волчунна вахкавалар гойтур
дац“.
36 Амма Делан лаам кхочушбеш гIуллакх дина
волчу Даудан дегI кхелхинчул тIаьхьа телхина
дIаделира. Иза шен дайшна уллохь дIавоьллина
вара. 37 Ткъа Дала веллачуьра Денвиначунна дегIан
талхар ца гайтира! 38 Цундела, сан вежарий, суна
лаьа шуна хуийла, тахана Цуьнан дуьхьа шун
къиношна гечдар ду шуна кхайкхош дерг. ХIора
Iийсах тешаш верг массо а хIуманна тIехь Далла
хьалха бакъво, ткъа Муса-пайхамаран
хьехамашкахь шун Далла хьалха бакъхила ницкъ
бацара. 40 Хьовсалаш, шайца, пайхамарша ма-
аллара, ца хилийта:
41 §§†„Хьовсал, кхаьрдаш дерш!
Шу, цец а девлла, лийр ду.
Аса шун деношкахь шайна дийцича а,
цкъа а шу тешар доцу хIума дийр ду“».
42 ПахIале а, Бар-Наабе а гуламан цIийнера и шиъ
дIавоьдуш, дийхира, тIедогIучу шоьтан дийнахь
хIинца дийцинчух лаций дийца юха а вола аьлла.
43 Гулам дIабирзира, амма дуккха а жуьгтий а,
жуьгтийн дин тIеэцна Далла *Iибадат* деш болу нах а
ПахIалний, Бар-Наабаний тIаьхьабахара. Цу
шиммо къамел дора цаьрца, Делан ниIматехь хила
бохуш, тешабора.
44 Вукху шоьтан дийнахь ерриг аьлла гIала
гулъелира Везачу Элан даше ладогIа. 45 Цига мел
адам деана гича, хьогIах буьзира жуьгтий. ПахIала
дуьйцург емалдора цара оьзда доцучу хабарца.
46 ТIаккха ПахIала а, Бар-Нааба а майрра элира
цаьрга: «Делан дош уггар хьалха шуна хьеха дезаш
ду тхо. Амма аша и тIе а ца лоцу, Дела волчохь
долчу хедар доцучу дахарна шаьш хьакъ а ца хета,
цундела оха къамел кхечу къаьмнех болчаьрга
дийр ду. 47 §§‡И тIедиллира тхуна Везачу Эло. Цо
аьлла:
„Ас Хьох кхечу къаьмнех болчарна серло йина,

† 13:17 а: Арадаккхар 1:7; б: Арадаккхар 12:51. †† 13:18 Лелар 14:34; Карлабаькккхинарг 1:31. ‡ 13:19 а: Карлабаькккхинарг 7:1; б: ЮшаI 14:1. ‡† 13:20 а: Куьйгалхой 2:16; б: Шамъал 3:20. ‡‡ 13:21 а: Шамъал 8:5; б: Шамъал 10:21. ‡‡† 13:22 а: Шамъал 13:14; б: Шамъал 16:12; Забур 88:21. ‡‡‡ 13:24 Марк 1:4; Лака 3:3. § 13:25 а: Яхьъя 1:20; б: Маттай 3:11; Марк 1:7; Лака 3:16; Яхьъя 1:27. §† 13:28 Маттай 27:22, 23; Марк 15:13, 14; Лака 23:21-23; Яхьъя 19:15. §†† 13:29 Маттай 27:57-61; Марк 15:42-47; Лака 23:50-56; Яхьъя 19:38-42.

§‡ 13:31 Векалийн 1:3. §‡† 13:33 Забур 2:7. §† 13:34 ЕшаI-ЯхIу 55:3 (Грекийн). §‡ 13:35 Забур 15:10. §§† 13:41 Хьабукъа 1:5 (Грекийн). §§‡ 13:47 ЕшаI-ЯхIу 42:6; 49:6.

Хьоьгахула дуьненан массо а маьIIе
кIелхьардовлар кхачийта“».
48 И дерриг а хезча, баккхийбеш, Везачу Эло
аьллачунна хастамаш бора кхечу къаьмнех
болчара. Массо а Делаца долчу дахаре
билгалбинарш Iийсах тийшира.
49 Везачу Элан дош цу меттехула дIасадаьржаш
дара. 50 Амма жуьгташа, Далла гIуллакх деш болу,
лоруш болу зударий а, гIалара хьалхара нах а
хьала а гIовттийна, ПахIал а, Бар-Нааб а шаьш
долчу махкара экккхавайтира. 51 †Цу гIалара
бахархошна дуьхьал хиларан тоьшаллина шайн
когаш тIера чан дIа а егийна, векалш Иконе
бахара. 52 Ткъа мурдаш баккхийберах а, Делан
Синах а буьзна бара.

### Икони-гIалахь

14 Иконехь ПахIал а, Бар-Нааб а гуттар а санна
жуьгтийн *гуламан цIа* чу вахара. Цара хьехам
дика бар бахьана долуш, дуккха а жуьгтий а, кхечу
къаьмнех болу нах а Iийсах тийшира. 2 Амма
тешарна реза боцучу жуьгташа кхечу къаьмнех
цхьаболу нах Iийсах тешначарна дуьхьалбехира,
царах дог доккхуш. 3 ПахIала а, Бар-Нааба а цигахь
дуккха а хан яькккхира. Везачу Элах лаьцна майрра
хьехам бора цара. Кхеран куьйгашца тамашийна
хIуманаш а, билгалонаш а гайтарца Шен
къинхетамах болу *хаза кхаъ* чIагIбора Везачу Эло.
4 ГIалара нах бекъабелира. Цхьаберш
жуьгташкахьа бевлира, вуьш – векалшкахьа.
5 Кхечу къаьмнех болчу нехан а, жуьгтийн а шайн
хьаькамашца цхьаьна барт хилира векалш сийсаз
а бина, царна тIулгаш детта. 6 Иза хаа а хиъна,
гIалара дIабахара векалш. Уьш Ликона-махкарчу
Листар а, Дерба а цIе йолчу гIаланашка а, царна
гонахарчу меттигашка а арабевлира. 7 Цигахь хаза
кхаъ кхайкхабора цара.

### Листар-гIалахь

8 Листарехь Iаш цхьа стаг вара, винчу хенахь
дуьйна а когаш лелаш а боцуш, цкъа дIа а
волавалаза. 9 Цо а ладугIура ПахIала хьехам бечу
хенахь. Ша къамел деш цу стаге хьаьжначу
ПахIална гира цуьнан шен товаларх болу тешам.
10 «Когаш тIе хьалагIатта!» – элира цо заьIапчуьнга.
И стаг, хьала а гIаьттина, дIаволавелира. 11 ПахIала
динарг а гина, ликонан маттахь маьхьарий хьекха
хIиттира нах: «Вай долчу адамийн суьртехь
деланаш баьхкина!» – бохуш. 12 Цара Бар-Наабах
Зевс элира, ПахIалах ХIерми элира, хIунда аьлча цо
къамел алсамо дора. 13 Зевс цIе йолчу *цIунна*
лерина цIа дара гIаланал арахьа. Цу цIа чохь
гIуллакх деш волчу стага стерчий а далийра,
зезагийн кочарш а деара гIалин кевне, нахаца
векалшна лерина сагIа даккхархьама.

14 И шайна хезча, тIера хIуманаш а этIош, нахана
юкъа а лилхина, мохь бетташ къамел дира
векалша Бар-Нааба а, ПахIала а: 15 ††«ХIара хIун ду
аша деш дерг? Меттадуьйла! Шу санна, адамаш ма
ду тхо а! Оха шуна хаза кхаъ бохьу, шу оцу харц
*цIушна* тIера стигал а, латта а, хIордаш а, царна
чохь дерг а кхоьллина волчу дийначу Далла
тIедерзийтархьама. 16 Хьалха Цо пурба лора нахана
шайн некъашца лела, 17 амма Цо Шех тоьшалла
дитина, шуна диканиг а деш: стигалара догIа
доуьйтий, шен хенна ялта кхуьуьйтий. Цо шуна
кхача а ло, шун дегнаш хазахетарх а дузу». 18 И
дешнаш аьлча а, кхарна тIера сагIа даккха гIерташ
болу нах халла совцабелира векалшка.
19 Антиохера а, Иконера а баьхкинчу цхьаболчу
жуьгташа и нах шайна тIеберзийра. Адамийн тоба,
векалшна дуьхьал а яьлла, ПахIална тIулгаш детта
йолаелира. Эххар а, иза велла моьттуш, такхийна
гIаланах араваьккхира цара. 20 Амма мурдаш шена
гонах гулбелча, ПахIал, хьала а гIаьттина, гIала
юхавеара. ШолгIачу дийнахь Бар-Наабаца Дерба
олучу меттиге дIавахара иза.

### Сири-махкахь йолчу Антиохе векалш юхабахкар

21 Цу гIалахь хаза кхаъ а кхайкхийна, дуккха а
мурдаш карийра царна. Цул тIаьхьа векалш
Листаре а, Иконе а, Антиохе а юхабаьхкира.
22 Цигахь, мурдаш дегнашца чIагIбеш, шайн
тешарехь чIогIа хила бохуш, Iамабора цара. «Вай
лан езаш дукха халонаш ю *Делан Олалла* тIе а
лаьцна, Далла уллохь хилале», – бохура цара.
23 Iийсах тешачийн хIора тобанехь тхьамданаш а
хIиттийна, марханаш а кхобуш, доIанашца уьш
тешначу Везачу Элан кара белира векалша.
24 Цул тIаьхьа, Писида-гIалех чекх а бевлла,
Пампили-махка баьхкира уьш. 25 Перга-гIалахь
хьехам чекх а баькхина, Аттали-гIала бахара
векалш. 26 Ткъа Атталера хIордкеманца уьш
Антиохе дIабахара. Цигахь Делан кара белла бара
уьш, шайна тIедиллина гIуллакх дархьама. И
гIуллакх цара хIинца кхочуш а дира.
27 Юха а баьхкина, Iийсах тешачийн тоба а
гулйина, дийцира цара Дала шайгахула диначух а,
Цо Шех тешаран неI кхечу къаьмнийн нахана
схьаелларх а. 28 Уьш цигахь мурдашца еххачу
хенахь Iийра.

### Ярушалаймехь хилла кхеташо

15 ‡ЯхIуд-махкара Антиохе баьхкинчу наха
бохура динан вежаршка: «Аша Муса-
пайхамаран Iедалехь шаьш сунт ца дайтахь, шу
кIелхьардевр дац».
2 Цу тIехула цхьана агIор оцу нехан а, вукху агIор
ПахIалан а, Бар-Наабан а чIогIа къовсам белира.
ПахIал а, Бар-Нааб а, шайца кхин накъостий а

† *13:51 Маттай 10:14; Марк 6:11; Лака 9:5; 10:11.*

†† *14:15 Арадаккхар 20:11; Забур 146:6.* ‡ *15:1 Iамалъяр 12:3.*

болуш, Ярушалайме вахийтира, и гIуллакх
векалшца а, Iийсах тешачийн тобанийн
тхьамданашца а къасто. 3 Iийсах тешачийн тобано
и гIуллакх тIе а диллина, дIабоьлху уьш новкъахь,
Пиникехь а, Шамран-махкахь а, севцира. Цигахь
цара кхечу къаьмнех нах Далла тIеберзарх лаьцна
дуьйцура. Оцу хаамо массо а Iийсах тешачунна
хазахетар дахьара. 4 Ярушалайме кхаьчча, Iийсах
тешачийн тобанашкарчу наха а, векалша а,
тхьамданаша а тIеийцира уьш. ПахIала а, Бар-
Нааба а дийцира царна Дала шайгахула динчух
дерригенах а лаьцна. 5 *Парушхошна* юкъахь болчу
Iийсах тешачу наха, хьала а гIевттина, элира:
«Кхечу къаьмнийн нах хедийна хила а беза, цаьрга
Муса-пайхамаро тIедиллина декхарш кхочушде ала
а деза».
6 Цу хьокъехь векалш а, тхьамданаш а кхеташоне
гулбелира. 7 †Дуккха а дийцинчул тIаьхьа Кипас,
хьала а гIаьттина, элира: «Вежарий, шуна хаьа,
хьалха цкъа Дала хаьржинера со вайна юкъара
кхечу къаьмнийн нахана *хаза кхаъ* кхайкхо, уьш
Iийсах тешийтархьама. 8 ††Далла девза адамийн
дегнаш. Цо гайтира, Ша кхечу къаьмнийн нах
тIеоьцуш хилар, Шен Са а делла, царна а, вайна
санна. 9 Дала цхьа а тайпа башхо ца йо царна а,
вайна а юкъахь, хIунда аьлча Цо, Шех тешар а
делла, хьаналдина церан дегнаш. 10 Ткъа хIинца
хIунда зоь Дела, вайн дайшка а, вайга а бахьа ца
белла мохь мурдийн яьIнаш тIе а биллина? 11 Амма
вай теша, кхечу къаьмнийн нах санна, Везачу Эло
Iийсас къинхетам бар бахьанехь вай кIелхьардевр
хиларх».
12 ТIаккха массо а, дIа а тийна, Дала кхечу
къаьмнийн нахана юкъахь ПахIалехула а, Бар-
Наабехула а дайтинчу тамашийначу хIуманех а,
билгалонех а долчу цу шиннан дийцаре ладугIуш
вара. 13 Уьш бевлча, Якъуба элира: «Вежарий,
ладогIалаш соьга. 14 ШамIа-Кипас дийцина вайна
Дала юьхьанца кхечу къаьмнийн нехан гIайгIа
барх а, царна юкъара Шена нах харжарх а лаьцна.
15 Цунах лаьцна пайхамарша а аьлла хIокху
дешнашца:
16 ‡„Цул тIаьхьа Аса, юха а веана, дохийна долу
Даудан четар тодийр ду.
Цуьнан саьлнаш метта а хIиттийна, ирахIоттор ду
иза,
17 кхечу нахе Веза Эла каравайтархьама а,
Сан дола даьллачу халкъашка Иза
лахийтархьама а.
Иштта боху и дерриге а хIуманаш абадехь
дуьйна дIахоуьйтуш волчу Везачу Эло“.
19 Цундела суна хета, Далла тIе бахка лууччу кхечу
къаьмнийн нахана вай дуьхьало ян ца оьшу аьлла.
20 ‡†Мелхо а, цаьрга кехат яздан деза вай, *цIуша*
бехйина хIума ма яа аьлла а, нахаца леларх а,
садукъдина дайинчу бежанийн жижигах а, цIийх а
ларло аьлла а. 21 Муса-пайхамаро тIедиллинарг
массо а гIалахь хIора Далла леринчу шоьтан
дийнахь дукха хенахь дуьйна а хIора гуламан
цIийнахь хьоьхуш ма ду».

### Кхеташоно хийрачу мехкашкарчу вежаршка яздина кехат

22 Векалийн а, тхьамданийн а Iийсах тешачу
тобанера массаьрца а барт хилира шайна юкъара
ПахIалца а, Бар-Наабаца а Антиохе масех стаг
вахийта. Цара хаьржира Сали а, Бар-Сабба аьлла
кхин цIе йоккху ЯхIуд а. И ши стаг вежаршна
юкъахь куьйгалхо вара. 23 Цаьргахула хIара
чулацам болу кехат дахьийтира цара:
«Векалшкара а, тхьамданашкара а, массо а шун
вежаршкара а.
Антиохера а, Сирера а, Киликера Iийсах тешачу
кхечу къаьмнийн нахе.
Маршалла ду шуьга!
24 Тхоьга хаам кхаьчна, шу долчу тхох дIакъаьстина
болу нах баьхкина аьлла, оха цига хьовсийна
боццушехь. Цара шуна юкъахь шайн хьехамашца
сингаттамаш баьхна боху. 25 Цундела оха сацам
бина, тхайна юкъара масех стаг а хаьржина, уьш
тхан хьомечу Бар-Наабаца а, ПахIалца а шу долчу
дIабахкийта. 26 Вайн Дала леррина къобалвинчу
Iийса-Элан дуьхьа шайн дахар кхерамечу хьоле
хIиттийна нах бу уьш. 27 Хаьржина волу ЯхIуд а,
Сали а воуьйту оха, тхаьш яздинарг цаьрга барта
тIечIагIдайта. 28 Делан Синан а, тхан а лаам бу шуна
кхин хало ца ян, хIара тIедиллинарг доцург:
29 ЦIушна сагIина еана хIума ца яар, цIийх а,
садукъдина дайинчу бежанийн жижигах а, нахаца
леларх а лардалар.
И дерриге а кхочушдахь, аша дика гIуллакх дийр
ду.
Марша Iойла шу!»
30 Бахийтинарш Антиохе кхечира. Цигахь, Iийсах
тешачийн тоба гул а йина, цаьрга кехат дIаделира
цара. 31 И дешча, дегнаш иракарахIитточу цу
хаамах самукъадаьлла бара нах. 32 ЯхIуд а, Сали а
ши пайхамар вара. Шайн дешнашца динан
вежарийн дегнаш чIагIдеш, иракарахIиттош бара
уьш. 33 Цара жимма хан яьккхира цигахь. Цул
тIаьхьа динан вежарша, декъал а бина, диканиг
хилар лаарца векалш болчу дIахьовсийра уьш ‡‡.
35 ПахIал а, Бар-Нааб а Антиохехь сецира. Цигахь
цара а, цаьрца болчу дуккха а кхечара а Везачу
Элах долу дош хьоьхура.

### ПахIална а, Бар-Наабана а юкъара къовсам

36 Цул тIаьхьа жимма хан яьлча, ПахIала элира
Бар-Наабе: «Вай Везачу Элах долу дош
кхайкхийначу массо а гIала а гIой, динан вежарий

† 15:7 Векалийн 10:1-43. †† 15:8 Векалийн 10:44; Векалийн 2:4. ‡ 15:16-18 Iамос 9:11, 12 (Грекийн). ‡† 15:20 а: Арадаккхар 34:15-17; б: Iамалъяр 18:6-23; ц: Iамалъяр 17:10-16.

‡‡ Цхьадолчу тептарш тIехь 34-гIа аят тIетоьхна ду: *Амма Салина цигахь саца лиира, ткъа ЯхIуд Ярушалайме юхавеара.*

муха Iаш бу хьовсий», – аьлла. [37] Бар-Наабана
шеца, Марк олий, кхин цIе йоккхуш волу Яхьъя
схьаэца лиира. [38] †Амма ПахIал реза вацара, шаьш
Пампилехь Iадда а дитина, болх чекхбаккхалц ца
Iийна волу стаг шайца схьаэца. [39] Цу тIехула царна
юкъахь баьлла къовсам бахьанехь дIасакъаьстира
и шиъ. Бар-Нааб, шеца Марк а эцна, хIордкеманца
Кипре вахара. [40] Ткъа ПахIала Сали хаьржира.
Динан вежарша декъал а вина, новкъа велира иза.
[41] Сири-махка а, Килик-махка а вахара иза. Цигахь
цо Iийсах тешачийн тобанаш чIагIйора.

### Тимапи ПахIалах а, Салих а дIакхетар

**16** ПахIал хьалха Дербе а, юха Листаре а веара.
Цигахь Iаш Iийсан мурд вара, Тимапи цIе а
йолуш. Цуьнан нана Iийсах тешаш йолу жуьгти
яра, ткъа да грек вара. [2] Листарехь а, Иконехь а
динан вежарша хаза дош олура Тимапих лаьцна.
[3] Гена новкъа волуш, иза шеца вига а лиъна,
ПахIала Тимапи сунт вира. Цу меттехь Iаш болчу
жуьгтийн дуьхьа дира цо иза, хIунда аьлча царна
хаьара Тимапин да грек вуйла. [4] ГIалара гIала а
воьдуш, ПахIала а, Тимапис а Ярушалаймехь
векалша а, тхьамданаша а кхечу къаьмнийн
нахана хьарам дина тIедиллинарг дIахоуьйтура.
[5] Цу гIуллакхо Iийсах тешачийн тобанаш
иракарахIиттайора, церан тешар чIагIдора, денна а
и тобанаш стамлора, Iийсах тешнарш
алсамбовлуш.

### ПахIална, сурт хIоьттича, Македонера стаг го

[6] Делан Сино бакъо ца елира ПахIалгIарна Асиа-
махкахь хьеха, цундела церан некъ Пхьарга-
махкахула а, Галата-махкахула а бара. [7] Миси-
мехкан дозанна тIекхаьчча, церан лаам хилира
Битхьуни-махка баха, амма Iийсан Сино ца
магийра царна иза. [8] ТIаккха уьш, Миси-махкахула
чекх а бевлла, Троя-гIала баьхкира. [9] Буьйсанна,
сурт а хIоьттина, Македонера цхьа стаг гира
ПахIална. Цу стага дийхира: «Македоне схьа а
волий, тхуна гIо дехьа», – аьлла. [10] И сурт
хIоьттинчул тIаьхьа тхан сацам хилира, Дала
тхоьга кхойкху, царна *хаза кхаъ* бовзийта аьлла.
Тхо цу сохьта Македоне даха новкъа девлира.

### Пилап-гIалара Лидия Далла тIе ерзар

[11] Троя-гIалара тхо нийсса Самотраке дIакхечира,
ткъа цигара шолгIачу дийнахь грекийн Неаполе
дахара. [12] Неаполера дIа тхан некъ римхой Iаш
болчу Македон-мехкан коьртачу гIала Пилапе
бара. Цу гIалахь оха масех де даьккхира. [13] Шоьтан
дийнахь, гIалин кевнах ара а девлла, хи тIе
даьхкира тхо. Тхуна моьттура цигахь Делах тешаш
берш доIане гулло дукха хьолахь. Охьахевшина,
цигахь гулбеллачу зударшца къамеле девлира тхо.
[14] Царна юкъахь Тхьайтир-гIалара еана, Лидия цIе
йолуш цхьа зуда яра. Иза цIен деза кIадеш духкуш
яра. Лидия Дела лоруш яра. ПахIале ладоьгIучу
хенахь Везачу Эло дог схьадиллира цуьнан,
ПахIала дуьйцучух тешийтархьама. [15] Цо а, цуьнан
цIерачара а шаьш хих чекхбахийтира. Лидияс
тхоьга чукхайкхира: «Со Элах тешаш шаьш лоруш
елахь, сан хIусаме а дуьйлий, хьошалгIахь Iе», –
аьлла. Тхо и йолчу дахара.

### Пилап-гIалахь ПахIал а, Сали а дIалоцу

[16] Цкъа доIа дечу метте тхо дIадоьлхучу хенахь
новкъахь тхуна дуьхьалкхийтира цхьа йоI-ялхо.
Хиндерг хоуьйтуш жин дара цунна чохь. Шен
хIусамдайшна боккха пайда бахьара цу ялхочо,
нахана хиндерг а дуьйцуш. [17] ПахIална а, тхуна а
тIаьхьа а йогIуш, мохь беттара цу йоIа: «ХIара нах
Веза Воккхачу Делан ялхой бу! КIелхьарваларе
боьду некъ кхайкхош бу хIорш!» – бохуш. [18] Цо
хIора дийнахь беттара и мохь. Эххар а, собар кхача
а дина, ПахIала, юха а вирзина, элира жине: «Дала
леррина къобалвинчу Iийсан олаллин цIарах ас
омра до хьоьга: арадала цунна чуьра!»
Цу сохьта жин йоIанна чуьра араделира.
[19] ХIусамдай кхийтира йоIа шайна бахьаш болчу
пайданах шаьш довлархь. Цара ПахIал а, Сали а,
схьа а лаьцна, гIалин хьаькамашна тIе майдане
дIатакхийра. [20] Римхойн кхелахошна тIе уьш схьа а
балийна, элира цара: «ХIара нах жуьгтий бу. ХIорш
бахьана долуш вайн гIалахь синтеме дац. [21] Кхара
дуьйцуш долу гIиллакхаш вайна, римхошна, я
тIеэца а, я лело а товш дац». [22] Гулбелларш, бехкаш
дохучарна тIе а тайна, ПахIална а, Салина а
дуьхьалбевлира. Кхелахоша, тIера хIуманаш дIа а
яхий, кхарна гIожмаш етта элира. [23] ЧIогIа етта а
йиттина, набахти чу кхиссира векалш, гIаролан
хьаькаме леррина хIорш ларбе а аьлла. [24] И омра
хезча, гIаролан хьаькамо уьш чуьрчу цIа чу
боьхкира, дечиган буржалш а тоьхна.
[25] Буьйса юккъе яханчу хенахь ПахIал а, Сали а
доIанаш деш а, Далла лерина назманаш олуш а
вара, ткъа кхин болу тутмакхаш цаьрга ладугIуш
бара. [26] ЦIеххьана, ерриг а набахти меттах а хьовш,
чIогIа мохк бегийра. Массо а неI дIаеллаелира,
массо а тутмакхийн гIоьмаш охьаийгира.
[27] Самаваьллачу гIаролан хьаькамна массо а неI
йиллина гира. Тур а даьккхина, ша-шена тоьхна,
вала гIерташ вара иза. Цунна моьттура
чубоьхкинарш бевдда. [28] Амма ПахIал кхиира мохь
тоха: «Ма велахь хьо хIаллак! Тхо дерриш а кхузахь
ду!» – аьлла.
[29] «Серло я!» – аьлла, омра а дина, набахти чу
хьаьдира хьаькам. Вега а веш, ПахIална а, Салина
а хьалха горавуьйжира иза. [30] И шиъ ара а
ваьккхина, цо хаьттира: «Хьомсара элий, ас хIун
дан деза? Муха кIелхьарвала веза со?» – аьлла.
[31] «Везачу Элах Iийсах теша хьо, – аьлла, жоп
делира цара, – тIаккха хьо а, хьан цIеранаш а
кIелхьарбевр бу». [32] ТIаккха цара Везачу Элах долу

† *15:38 Векалийн 13:13.*

дош хьийхира цунна а, массо а цIерачарна а.
33 Буьйсанна, оцу хан яьллачу хенахь, набахтин
хьаькамо церан чевнаш йилира. Цо а, цуьнан
цIерачара а цу сохьта шаьш хих чекхбахийтира.
34 Юха уьш шен цIа а бигна, царна шун хIоттийра
цо. Набахтин хьаькам шен цIерачаьрца хазахеташ
вара, хIунда аьлча иза Делах тешнера.
35 Де тIекхаьчча, кхелахоша эпсарш бахийтира
набахте, омра а дина: «И нах дIахеца», – аьлла.
36 Набахтин хьаькамо элира ПахIале: «Кхелахоша
хьо а, Сали а дIахеца аьлла! Шуьшиъ маьрша
дIаваха йиш йолуш ву!»
37 Амма ПахIала элира: «Цхьа а кхел а ца еш, етта
а йиттина, набахти чу кхиссира цара тхо, Риман
бахархой † доллушехь. Ткъа хIинца тхо къайлаха
дIахеца гIерта уьш? ХIан-хIа, шаьш, схьа а
баьхкина, тхо арахеца деза цара».
38 Эпсарша дIаэлира и дерриге а кхелахошка.
ПахIал а, Сали а римхо ву аьлла хезча, уьш
кхерабелира. 39 Схьа а баьхкина, хIара шиъ
къинтIера а ваьккхина, набахтера араваьккхира
цара, гIалара дIагIахьара аьлла, дехар а дина.
40 Набахтера араваьлча, ПахIал а, Сали а Лидиян
цIа чу вахара. Цигахь динан вежаршца вовшах а
кхетта, уьш иракарахIиттийра цара. Цул тIаьхьа
хIорш кхин дIа а бахара.

### Тассалник-гIалахь адам карзахдалар

17 Уьш, Ампиполехула а, Аполлонехула а чекх а
бевлла, Тассалник-гIала баьхкира. Цигахь
жуьгтийн *гуламан цIа* дара. 2 Ша гуттар а ма-
ваххара, кхаа шоьтан дийнахь цу чу а воьдуш,
*Делан Йозанаш* тIера масалш а далош, нахаца
къамел дора ПахIала. 3 Цо дуьйцура цигахь
гулбеллачу нахана Дала леррина Къобалвинчун
баланаш лан дезарх а, веллачуьра Иза денваларх а
лаьцна. Ас шуьга вуьйцуш волу и Iийса *Дала
леррина Къобалвинарг* ву бохура ПахIала. 4 Царах
цхьаберш, Iийсах а тешна, ПахIалах а, Салих а
дIакхийтира. Далла Iамал еш болу дуккха а
Грекийн-махкара нах а, лоруш болу зударий а бара
царна юкъахь.
5 Амма тIаьхьа ца хIиттина, Iийсах а ца тешна,
хьагI лаьцна болу жуьгтий, гIалин майданара
харцахьа лела нах схьа а эцна, тобане а гулбелла,
гIала марсаяха хIиттира.
Ясонан цIийна улло а баьхкина, ПахIал а, цуьнан
накъостий а халкъана хьалха хIитто гIертара уьш.
6 ПахIалгIар ца карийча, цара Ясон а, кхин а
цхьаболу динан вежарий гIалин хьаькамашна тIе
дIатакхийра, маьхьарий а хьоькхуш: «Кху дуьненан
а синтем байина хIара нах хIинца кхуза а кхечи,
7 Ясона хIорш тIе а ийци! Берриш хIорш паччахьо
тIедиллинчунна дуьхьал бовлуш бу, кхара кхин
паччахь ву боху, иза Iийса ву а боху». 8 Цу хаамо
адам а, гIалара Iедал а карзах даьккхинера.
9 Ясонера а, вукху динан вежаршкара а закъалт †† а
даьккхина, уьш дIахийцира цара.

### Векалш Берия-гIалахь

10 Динан вежарша ПахIал а, Сали а цу сохьта
буьйсанна Берия олучу гIала дIавахийтира. Цига
дIа а кхаьчна, уьш жуьгтийн гуламан цIийне
бахара. 11 Кхузарчу нехан дегнаш
Тассалникерачарел алссам делладелла дара цо
дуьйцург тIеэца. Цара боккхачу лаамца тIеийцира
дош. Делан Йозанаш а Iамадора цара, денна а
ПахIала дуьйцург бакъ дуй хаархьама. 12 Iийсах
тийшира дуккха а жуьгтий а, грекийн хьалдолу
зударий а, тоъал божарий а. 13 Тассалник-гIалахь
болчу жуьгташна Берия-гIалахь ПахIала Делан дош
хьехний хиъча, уьш цига баьхкира, адам карзах а
доккхуш. 14 ТIаккха динан вежарша ПахIал сихонца
хIордан йисте дIавахийтира, ткъа Сали а, Тимапи а
цигахь сецира. 15 ПахIал новкъа воккхучара иза
Атина-гIала дIавигира. Цуьнгара Салига а,
Тимапига а дахьа кост а эцна, сиха
цхьаьнакхетархьама новкъабевлира уьш.

### ПахIал Атинехь

16 Сали а, Тимапи а схьаваре хьоьжуш, Атинехь
холчохь вара ПахIал, хIунда аьлча гIала юьззина
*цIуш* бара цунна гуш. 17 Жуьгтийн гуламан цIа чохь
жуьгташца а, Далла *Iибадат* дечу грекашца а,
тIаккха хIора дийнахь базаран майданахь цигахь
хуьлучу нахаца а къамел дора цо. 18 Эпикураш а,
стоикаш а аьлла, шайх цIе йоккхучу цхьаболчу
Iилманчаша къуьйсура цуьнца. Царах цхьаболчара
бохура: «ХIара хабарча хIун ала гIерташ ву?»,
вукхара бохура: «Иза, схьагарехь, хийра деланаш
буьйцуш верг ву». Цара иштта алар бахьана дара
ПахIала *Iийсах* а, *веллачуьра денваларх* ‡ а лаьцна
дийцар. 19 Цара иза, схьа а лаьцна, лакххарчу
кхеташоне валийра: «Ахь хьоьхуш долу керла хIума
тхан хаа таро йолуш дуй?» – аьлла. 20 «ХIунда аьлча
цхьа тамашийна хIума ду тхуна хезнарг, цундела
иза хIун ду хаа лаьара тхуна?» 21 (Атина-гIалин
бахархойн а, цаьрца Iаш болчу кхечу мехкашкарчу
нехан а чIогIа самукъадолура массо а хенахь
керлачуьнга ладугIуш я керланиг дуьйцуш.)
22 Кхеташонна юккъе а хIоьттина, ПахIала элира:
«Атинахой, суна го шу къаьсттина суьпа нах дуй,
23 хIунда аьлча шун гIалахула езачу
меттигашкахула чекхволуш, суна карийра шена
тIехь сагIа доккху тIулг. Цу тIехь яздина дара:
„Вевзаш воцучу Далла“. Цундела шайна мила ву а
ца хууш, аша Iибадат деш волу Дела ву ас шуна
вуьйцург. 24 ‡†Дуьне а, цу чохь дерг а кхоьллина

† *Риман вахархо *– Рим-пачхьалкхо схьабаьхначу мехкашкахь массарна а луш яцара и цIе. И цIе я ахча делла, я дегара тIаьхьене луш яра. Цу цIаро дуккха а бакъонаш лора иза йолчунна.**

†† *Я иштта: *дош.** ‡ *Веллачуьра денваларх *– Грекийн маттахь «веллачуьра денвалар» олу дешнаш «зуда-дела» аьлла, кхета там бу.** ‡† *17:24, 25 Сулим 8:27; ЕшаI-ЯхIу 42:5; Векалийн 7:48.*

волу, стигалан а, лаьттан а Эла волу Дела куьйга
динчу цIенош чохь Iаш вац. [25] Адамийн куьйгаша
Далла гIуллакх деш делахь а, Цунна хIума а оьшуш
дац. Цо Ша ло адамна дахар а, садеIар а, кхин
дерриге а. [26] Цхьана адамах Цо кхоьллира массо а
адамийн халкъаш, уьш массо а Лаьтта тIехь
Iайтархьама, хьалххе царна цхьа билггала
заманаш а, Iан меттиг а къастийна, [27] цаьрга Дела
лахийтархьама: цара Иза лаха а тарло, царна Иза
каро а тарло (бакъдерг аьлча, Иза вайна хIоранна а
генахь-м вац). [28] ХIунда аьлча
„Иза бахьана долуш вай дехаш а, меттахдовлуш а,
Iаш а ду“.
Шун цхьаболчу байташ язъярхоша аьлла:
„Тхо Цуьнан бераш ду“.
[29] Иштта, Делан бераш долчу вайна мотта ца
оьшу Дела адаман хьекъалца а, говзаллица а
кхоьллинчу тIулгах, я деших, я детих тера ву.
[30] ХIума ца девзаш яьккхинчу ханна Дала бехке ца
до шу, амма хIинца массо а адамашка, массанхьа а,
лелийначунна дохко а довлий, Шена тIедерза
аьлла, омра до Цо. [31] ХIунда аьлча Цо
билгалдаьккхинчу дийнахь Ша къастийначу
Стагехула дерриг а дуьненна нийсонца кхел йийр
ю, массарна а тоьшаллина Иза веллачуьра ден а
вина».
[32] Велларг денварх лаьцна хезча, цхьаберш ца
бешаш бела хIиттира, ткъа вукхара бохура: «Цунах
лаьцна тIаккхахула ладогIа луур ду тхуна». [33] ПахIал
царна юкъара дIавахара. [34] Цхьаберш, цунна
тIаьхьа а хIиттина, Iийсах тийшира. Царна юкъахь
бара лаккхарчу кхеташонан декъахо волу Дайнас а,
Дамират цIе йолу зуда а, кхиберш а.

### ПахIал Коринт-гIалахь

**18** Цул тIаьхьа ПахIал Атина-гIалара дIа а
вахана, Коринт-гIала веара. [2] Цигахь цунна
карийра Iакхила цIе а йолуш, Понта-махкара
схьаваьлла волу цхьа жуьгти. Iакхила шен
зудчуьнца ПхьаьрскIилатаца Итали-махкара
схьавеана вара, хIунда аьлча Калабди-паччахьо
массо а жуьгташка Рим-гIалара дIагIо аьллера.
ПахIал Iакхилий, Парскилий ган веара. [3] Уьш, ша
санна, четарш деш буйла хиъча, иза цаьрца болх а
беш сецира. [4] ХIора шоьтан дийнахь жуьгтийн
гуламан цIийнехь къамел дора цо, жуьгтий а,
грекаш а Iийсах тешийта гIерташ.
[5] Македонера Сали а, Тимапи а схьавеача,
ПахIала шен ерриг а хан хьехамаш беш дIахьора.
Цо тоьшалла дора жуьгташна хьалха, *Дала
леррина Къобалвинарг* Iийса ву бохуш. [6] Амма
цара дуьхьалонаш а еш, дов дора цунна. ТIаккха
ПахIала, шен бедарш тIера чан дIа а егийна, элира
цаьрга: «Къа а, бала а шайн бехкенна хуьлда шуна,
со хIуманна а бехке вац. ХIинца со кхечу
къаьмнийн нах болчу воьду». [7] *Гуламан цIа* чуьра
ара а ваьлла, Дела лоруш волчу Тата-Йовсут цIе
йолу стаг волчу вахара иза. Татин цIенош гуламан
цIенна уллохь дара. [8] Жуьгтийн гуламан цIийнан
хьаькам волу Крисп а, берриге а цуьнан цIеранаш
а Iийсах тийшира. ПахIале ладоьгIна болу дуккха а
Коринт-гIалара бахархоша, Iийсах а тешна, шаьш
хих чекхбахийтира.
[9] Цкъа буьйсанна ПахIална сурт хIоьттира. Везачу
Эло элира цуьнга: «Кхера ма кхера! Нахаца къамел
кхин а де, вист ца хуьлуш ма Iе! [10] ХIунда аьлча Со
хьоьца ву, цхьаьнгге а хьуна вон болх а балур бац –
кху гIалахь Сан дуккха а нах ма бу», – аьлла.
[11] Цхьана шарахь эха шарахь Iийра цигахь ПахIал,
нахана Делан дош хьоьхуш.
[12] Цу хенахь Ахай-мехкан куьйгалхо Гилани вара.
Жуьгташа, вовшах а кхетта, ПахIал, схьа а лаьцна,
цунна тIе кхеле валийра. Цара бохура: [13] «ХIокху
стага нахана хьоьхуш долу Далла де боху гIуллакх
вайн Iедалца догIуш дац».
[14] ПахIал вистхилла а валале, Гиланис элира
жуьгташка: «Нагахь санна цхьа зулам я вон болх
хиллехь, сан бахьана хир дара шуьга, жуьгташка,
ладогIа. [15] Амма дерриг а гIуллакх дешнашца а,
цIерашца а, шун Iедалца а доьзна ду, цундела
шаьш къастаде иза. Суна цу гIуллакха тIехь кхелахо
хила ца лаьа». [16] Цо лаьхкира уьш кхел ечуьра.
[17] ТIаккха цара, гуламан цIийнан хьаькам волу
Состанам схьа а лаьцна, кхел ечу цIийна хьалха
цунна йиттира. Амма Гиланин цхьана а кепара
бала ца хилира цу белхан.

### ПахIал Антиохе юхавар

[18] †Цигахь дуккха а деношкахь Iийна, Сири вахара
ПахIал, динан вежарий а битина. ПхьаьрскIилат а,
Iакхила а дара цуьнца. Кенахари цIе йолчу меттехь
шен месаш дIалергира цо, ша Далла хьалха дина
*ваIда* кхочушдар билгалонна. [19] Уьш Эпас-гIала
кхечира. ПхьаьрскIилата а, Iакхила а цигахь
сецира. ПахIал ша жуьгтийн гуламан цIийне
вахара, жуьгташца къамел дархьама. [20] Цара
дийхира цуьнга, шайца кхин а Iе аьлла, амма иза
реза ца хилира. [21] Ткъа, дIавоьдуш, цо элира:
«Далла лаахь, со юхавогIур ву шу долчу». Цул
тIаьхьа иза хIордкеманца Эпас-гIалара дIавахара.
[22] ХIордан йистехь йолчу Кхесрин-гIала а веана,
цигахь ца соцуш, Ярушалайме, лома, хьалавахара
ПахIал. Цигара Iийсах тешачийн тобане маршалла
а хаьттина, Антиохе охьавахара иза. [23] Цигахь
жимма хан а яьккхина, кхидIа а шен некъ бира цо,
Галатин а, Пхьаргин а мехкашкара цхьана гIалара
вукху гIала а воьдуш, массо а мурдаш шайн Iийсах
тешарехь чIагI а беш.

### Апа-Леса

[24] Апа-Леса цIе йолу цхьа жуьгти веара Эпас-гIала.
Иза Искандар-гIалара схьаваьлла вара. Къамелана
говза а волуш, *Делан Йозанаш* дика девзаш вара
иза. [25] Цунна дика хьаьара Везачу Элан некъах

† *18:18 Лелар 6:18.*

лаьцна. Даггара а, нийса а дуьйцура цо Іийсах
лаьцна, Яхьъяс нах хих чекхбахарх лаьцна бен
шена ца хуъушехь. 26 Цо майрра дуьйцура гуламан
цІийнехь. ПхьаьрскІилатана а, Іакхилана а цо
дуьйцург хезча, цара иза шайн цІа дІа а вигна,
кхин а дика кхетош Дала нахана беллачу некъах
лаьцна дийцира цунна. 27 Ахай-махка ваха цунна
лиъча, динан вежарша цунна гІонна цигахь болчу
мурдашка кехат яздира, хІара тІеэца аьлла. Цига
ша дІакхаьчча, цо доккха гІо дира Делан лаамца
Іийсах тешначарна. 28 Цо нахана хьалха жуьгтий
къарбора, Делан Йозанашна тІе а чІагІдеш, Дала
леррина Къобалвинарг Іийса ву бохуш.

### ПахІал Эпас-гІалахь

19 Апа-Леса Коринтехь волчу хенахь, ломан
некъашкахула чекх а ваьлла, Эпас-гІала
веара ПахІал. Цигахь масех мурд а карийна, 2 цо
хаьттира: «Шаьш Іийсах тешначу хенахь Делан Са
тІеийцирий аша?» – аьлла.
Цара элира цуьнга: «Тхуна-м ца хезна Делан Са
адамашна тІедуссу бохуш».
3 «ТІаккха хих чекхдовлар муьлхачу тайпана
хилла шун?» – аьлла, хаьттира цо.
«Яхьъяс Іама ма-дарра хилла-кх», – аьлла, жоп
делира цара.
4 †Юха ПахІала элира: «Яхьъяс хих чекхдахар, стаг,
дохко а ваьлла, Далла тІевирзина аьлла, дара. Цо
кхойкхура шена ТІаьхьавогІучух тешаре, ма-дарра
аьлча, Іийсах тешаре».
5 И шайна хезча, цара шаьш Везачу Элан Іийсан
дола довлуш, хих чекхдахийтира. 6 ПахІала тІе
куьйгаш а дехкина, царна тІе Делан Са доьссича,
уьш тайп-тайпана тамашийна меттанаш дийца а,
Делера болу хаам бан а хІиттира. 7 Уьш верриг а
шийтта гергга стаг вара.
8 ПахІала жуьгтийн гуламан цІийне а веана, кхаа
баттахь, ца кхоьрруш, хьеха а хьийхира, къийса а
къийсира, жуьгтий ша Делан Олаллех лаьцна
дуьйцург бакъ хиларх тешо гІерташ. 9 Амма царах
цхьаберш, дар а белла, Іийсах ца тешна
юхабевлира, нахана хьалха Везачу Элан некъах
лаьцна харцдерг а дуьйцуш. ПахІал уьш болчуьра
дІавахара, шеца Іийсан мурдаш а эцна. Цо хІора
дийнахь къуьйсура Тиранан долахь долчу, нах
гуллучу цІийнехь. 10 Иштта шина шарахь хилира,
цундела Асиа-махкахь бехачу берриг а жуьгташна
а, грекашна а Везачу Элах долу дош хезнера.

### Динан коьртачу ден Сакхавин ворхІ кІант

11 Дала ПахІалан куьйгашца инзаре хІуманаш
дора. 12 Цо куьг тоьхна йовлакхаш а, хьалха ухкурш
а дІа а кхоьхьуш, цомгуш болчу нахана тІейохкура.
Цу нахана дарба хуьлура, ткъа жинаш долчарна
чуьра уьш арадовлура.

† *19:4 Маттай 3:11; Марк 1:4, 7, 8; Лака 3:4, 16; Яхьъя 1:26, 27.*

13 ГІалара гІала а боьлхуш, нахана чуьра жинаш
арадохуш лелаш болу цхьаболу жуьгтий, цомгушчу
нахана тІехІиттича, Везачу Элан Іийсан цІе
йоккхуш хуьлура: «ПахІала Шех лаьцна дуьйцучу
Іийсан дуьхьа арадала цу стагана чуьра», – олий.
14 Изза дора жуьгтийн динан коьртачу ден
Сакхавин ворхІ кІанта а.
15 Амма цкъа жино элира цаьрга: «Ас Іийса а
къобалво, ПахІал а вевза суна, ткъа шу муьлш ду?»
– аьлла.
16 И жин шена чохь долу стаг вежарех летира.
Етта а йиттина, церан хІуманаш, этІош, дІа а
кхийсина, царна тІехь толам баьккхира цо.
Берзина, чевнаш йина а болуш, цу цІа чуьра
аралилхира вежарий. 17 И хилларг Эпас-гІалахь
бехачу массо а жуьгташна а, грекашна а хиира.
Уьш чІогІа кхерабеллера. Везачу Элан Іийсан цІе
кхин а сов лорура цара. 18 Дуккха а Іийсах тешнарш
богІура шайгара девллачу къинойх лаьцна дийца
а, даре дан а. 19 Ткъа бозбунчалла лелийначу
дуккха а наха, шайн тептарш гул а дина, массарна а
хьалха дагийра. Церан мах лерича, иза бара
шовзткъе итт эзар *драхма* цІе йолу дато ахча. 20 И
тамашийна хиламаш бахьана долуш Везачу Элах
долу дош шуьйра даьржаш а, нуьцкъала хуьлуш а
дара.

### Эпас-гІала карзахъялар

21 И хІума хиллачул тІаьхьа Македонехула а,
Ахаехула а Ярушалайме ваха сацам бира ПахІала.
Цо элира: «Цигахь хилча, со Рим ган а
декхарийлахь ву», – аьлла. 22 Цо шен накъостех
шиъ, Тимапи а, Арсати а, Македоне вахийтира,
ткъа ша Асиахь сецира.
23 Оцу муьрехь Везачу Элан некъана дуьхьал
дуккха а адамийн карзахдовлар хилира. 24 Дамарти
цІе а йолуш, цхьа дато пхьар вара Іаш. Цо детих
Артеми цІе йолчу *цІунна* лерина кегийра цІенош
дора. Цо а, цуьнан накъосташа а бечу балхо царна
дуккха а пайда хуьлуьйтура. 25 Дамартис, шен
накъостий а, кхин пхьераш а гулбина, элира:
«Вежарий, шуна хаьа, вайн белхах вайна дика
пайда хуьлийла. 26 Шуна гуш а, хезаш а ду оцу
ПахІала хІокху Эпас-гІалахь хилла ца Іаш, ерриг а
Асиа-махкахь адам тешийна хилар, адамийн
куьйгашца кхоьллина деланаш, деланаш бац
бохуш. 27 Вайна хІоьттина болу кхерам, хІара вай
беш болу болх нахана дош ца хетар хилла ца Іа.
Вайн сийлахьчу зуда-делан Артемин цІа хІумма а
доцург хир ду, ткъа цуьнан шен а, ерриг а Асиа-
махко а, дуьнено а лоруш йолчу, сийлалла довр
ду».
28 И къамел а хезна, оьгІазбахана уьш маьхьарий
хьекха хІиттира: «Сийлахь ю Эпасера Артеми!» –
бохуш. 29 Ерриг а гІала карзахъелира. Адамаш
гІалахь нах гуллучу метте – театре дІахьаьлхира,
шайца ши македонхо, ПахІалан накъостий, Гаяс а,
Арестах а, такхийна. 30 ПахІал нах гулбеллачу метте

ваха лууш вара, амма мурдаша ца вахийтира иза.
31 Цу хенахь Эпас-гIалахь Iаш болчу кхуьнан
доттагIаша, Асиин маьI-маьIIерачу меттигашкара
куьйгалхоша шайн хьадалчаш бахкийтира нах
гулбеллачу ма гIахьара аьлла. 32 Цу хенахь
вовшахккхетта нах боьхна бара. Цхьаболчара,
цхьаъ бохуш, маьхьарий деттара, вукхара – важа,
ткъа дукхахболчарна шаьш хIунда гулделла а ца
хаьара. 33 Жуьгташа аларца нахана юкъара
Искандар цIе йолу цхьа стаг схьаваьккхира. Иза,
куьг а айина, адамийн гIовгIа сацо гIоьртира, дерг
дийцархьама. 34 Амма иза жуьгти вуй хиъча, наха
цхьабосса маьхьарий хьаьккхира. Шина сахьтехь
гергга диттира цара маьхьарий: «Сийлахь ю
Эпасера Артеми!» – бохуш.
35 ГIалара йозанчас дIатедира адам: «Эпасера нах!
Дуьнен чохь хьанна ца хаьа, Эпас-гIала сийлахьчу
Артемин цIа а, стигалара охьабоьжна, беза лоруш
болу тIулг а ларбеш юйла? 36 Цуьнан шеко йоцу
дела шу синтеме а, сих ца луш а хила деза. 37 Аша
кхуза хIара ши стаг валийна, амма кхара вайн
Артемин цIа чуьра хIумма а ца лачкъийна, я цунна
лен а ца лийна хIорш. 38 Нагахь санна Дамарти а,
цуьнца болу кхин пхьераш а цхьаъ бехке хеташ
белахь, царна кхел а ю, кхелахой а бу: вовшашка
кхеле кхайкха, шайна лаахь. 39 Нагахь санна шун
кхин ала а, хатта а хIума делахь, иза вай чIагIбинчу
гуламехь къастор ду. 40 Тахана хиллачу хIокху
гIовгIанашна вай бехке дарна кхерам бу. Цхьа а
бахьана дац хIара хилларг нийса дара ала». Иза а
аьлла, цо адам дIадахийтира.

### ПахIал Македонийн махкахь а, Грекийн махкахь а

20 Адамийн карзахдийларш дIасевцча, Iийсан
мурдаш схьа а кхайкхина, цаьрга дог
иракарахIоттош къамел а дина, церан Iодика а
йина, Македоне дIавахара ПахIал. 2 Ша воьдучу
новкъахь нахана тIекхаьч-кхаьчначохь Iийсах
тешачийн дог ойуш дерг дуьйцура цо. Юха иза
грекийн махка веара. 3 Цигахь цо кхо бутт
баьккхира. Сири-махка иза дIаваха кечвеллачу
хенахь жуьгташа къайлаха барт бира цунна
дуьхьал. Цо сацам бира, Македонехула Сири-махка
юхаваха. 4 Цуьнца бара накъостий: Берия-гIалара
Пирран кIант Сопатар а, Тассалник-гIалара Арестах
а, Секант а, Дерби-гIалара Гаяс а, Тимапи а, Асиа-
махкара шиъ – ТихIак а, ТрахIим а. 5 Уьш, хьалхе
дIа а бахана, Троя-гIалахь тхоьга хьоьжуш Iаш
бара. 6 Пилап-гIалара хIордкеманца дIадахара тхо †,
*совсазчу баьпкан деза денош* дIадевлча. Пхи де
даьлча, Троя-гIалахь царах дIа а кхетта, цигахь
кIира даьккхира оха.

### ПахIала Троя-гIалин Iодика йо

7 КIийрандийнахь тхо бепиг дохо цхьаьна
гулделча, ПахIала къамел дира тхоьца. ШолгIачу
дийнахь дIаваха ойла йолуш волу иза буьйса
юккъе яххалц Iийра хьехамаш беш. 8 Лакха тIехь,
тхо гулделлачу цIа чохь, дуккха а *къуьданаш* яра.
9 ПахIала шен хьехам бечу хенахь корехь хиъна
Iачу Овтах цIе йолчу жимачу стагана наб озийра.
Эххар а наб кхетта волу иза кхозлагIчу *гIат* тIера
корехула чувуьйжира. Меттахъхьавича, иза велла
карийра. 10 Чувоьссинчу ПахIала, тIе а кхетта, иза
мара а воьллина, элира: «Са ма гатде аша, иза
денвелла», – аьлла. 11 Хьалаваьлла, царна бепиг а
декъна, хIума йиира цо. Сахиллалц цаьрца къамел
деш а Iийна, дIавахара иза. 12 Денвелла волу жима
стаг цIа вигира. Массарна а цунах боккха синтем
белира.

### Троя-гIалара Милет-гIала дахар

13 Тхо хIордкеманца Асс-гIала дахара, цигара
ПахIал схьаэцархьама. ГIаш цига ваха ойла йолчу
цо, и гIуллакх иштта кхочушде аьлла, тIедиллинера
тхуна. 14 Асс-гIалахь тхаьш вовшахкхетча, иза
тхешан кеманна тIе хьала а ваьккхина, Митилена-
гIала дIадахара тхо. 15 ШолгIачу дийнахь цигара дIа
а дахана, Хиос-гIайренна гена доццуш севцира тхо.
КхоалгIачу дийнахь, хил дехьа а девлла, Самос-
гIайрен юххехь севцира, ткъа кхин цхьа де даьлча,
Милет-гIала кхечира. 16 Ша сиха хиларна, Асиа-
махкахь кхин хан а ца йойуш, Эпас-гIалина чу а ца
воьрзуш, тIехвала сацам хилира ПахIалан. Цунна
лаьара, аьтто балахь, жуьгтийн *ШавуIот* цIе йолу
ялта чудерзоран деза де тIекхачале Ярушалайме
кхача.

### Эпас-гIалара Iийсах тешачийн куьйгалхойн Iодика яр

17 Милет-гIалара Эпас-гIала нах бахийтира
ПахIала цигарчу Iийсах тешачийн тобанан
тхьамданашка кхайкха. 18 Уьш схьакхаьчча, цо
элира цаьрга:
«Асиа-махка схьавеъначу дийнахь дуьйна со
шайца муха Iийна хаьа шуна. 19 Даггара Везачу
Элана гIуллакх дина ас, Цунна муьтIахь а волуш,
жуьгташа къайлаха барт бар бахьана долуш,
баланаш а ловш, сингаттам тIебеача, бIаьрхиш а
Iенош. 20 Шек а ца волуш, нахана юкъахь, арахь а,
цIенош чу воьдуш а, шуна пайденна болу хьехам
бина ас. 21 Жуьгташка а, грекашка а цхьабосса
дийцина ас, лелийначунна дохко а довлий, Далла
тIедерза бохуш. Вайн Везачу Элах Iийсах тешаре а
кхайкхина ас цаьрга. 22 Ткъа хIинца Делан Синан
лаамца Ярушалайме воьду со. Цигахь сайга хIун
догIу а ца хаьа суна. 23 Цхьа хIума хаьа суна, хIора
гIалахь а Делан Сино олу соьга сан халонаш а,
набахти а лан дезарх лаьцна. 24 ††Амма сайн дахар

---

† *Тхо *– кхидIа дуьйцуш яздархо дакъалоцуш ву, цундела дийцар хьалхарчу юьхьера ду.**

цхьана а меха ца хета суна, Везачу Элера Iийсагара
схьаэцна гIуллакх – нахана Делан боккхачу
къинхетамах болу *хаза кхаъ* дIакхачор –
кхочушдарца сайн дахаран некъ чекхбаьлчхьана.
25 Кхин а хаьа суна, шух цхьанна а – со шен цIа
чохь а хилла, *Делан олалла* кхайкхош со кхин гур
вац. 26 Цундела ас тахана дIахоуьйту шуьга, со
жоьпехь хир вац, шух цхьаъ кIелхьара ца валахь,
27 хIунда аьлча, шеко а йоцуш, хIумма а лечкъа а ца
деш, ас шуна Делан лаам кхайкхийна. 28 Сема а,
ларлуш а хила. Iуьно Iалашбо бажа санна, Дала
Шен КIентан цIийца яьккхина йолу, Делан Сино
шайга елла йолу Iийсах тешачу нехан тоба
Iалашъе. 29 Суна хаьа, со шуна юкъара дIавахча,
дерачу берзалоша, чу а яьхкина, бажа кхоор бац.
30 Шуна юкъахь а хир бу бакъдерг
харцахьадаьккхина нах, Iийсан мурдаш шайна
тIаьхьа хIитторхьама. 31 Цундела сема хила. Шайна
аса кхаа шарахь дийнахь а, буса а хIоранга а
бIаьрхица дIахьедина хилар дагахь латтаде.
32 ХIинца ас шу дIало Деле. Цуьнан къинхетамах
болчу хазачу кхоо шу Iалашдийр ду, хIунда аьлча
цо шу чIагIдан а, Делан нахана юкъахь декъахой
хилийта а мега. 33 Со шуьца волчу хенахь цкъа а
цхьаннан а ахча а, деза духар а ца дезна суна.
34 Шуна шайна а хаьа, сан а, соьца болчеран а
хьашташ кхочушдинарш хIара куьйгаш дуйла.
35 Сайн ницкъ ма-кхоччу, ас шуна гайтина, ас санна,
аша а къахьегарца гIийлачарна гIо дан дезар.
Дагахь латто деза Везачу Элан Iийсан дешнаш:
„ХIума дIадаларехь ирс алсам ду схьаэцарехь чул“».
36 Иза а аьлла, горахIоьттина, массаьрца а доIа
дира цо. 37 Массо а воьлхура, иза мара а вуьхкуш,
цунна барташ а дохуш. 38 Уьш сингаттаме бара,
къаьсттина цо аьллачу дешнийн бахьаненна: «Со
кхин гур вац шуна». Цул тIаьхьа цара иза
хIордкеманна тIе дIакхетийра.

### ПахIал Ярушалайме воьду

21 Царах дIа а къаьстина, тхо нийсса Кос-гIайре
тIе дахара. ШолгIачу дийнахь Родос-гIайре
тIе кхечира, ткъа цигара Патару-гIала дахара.
2 Тхуна Пиника-махка доьдуш долу хIордкема
карийра. Цу тIе а девлла, дIадахара тхо.
3 Къилбаседехула Кипр-гIайрена тIех а девлла, тхо
Сири-махка дахара. Цигахь Цора-гIалахь севцира,
хIунда аьлча хIордкема дассо дезаш дара. 4 Цу
гIалахь Iийсан мурдаш а карийна, цаьрца цхьа
кIира даьккхира оха. Делан Сино хьехарна цара
элира ПахIале, Ярушалайме ма гIахьара аьлла.
5 Тхан цигара хан чекхъяьлча, тхо кхин дIа а
дахара. Цара массара а шайн зударшца а, берашца
а тхо гIалара новкъа дехира. ХIордан йистехь, гора
а хIиттина, доIа дира оха. 6 Церан хIораннан Iодика
а йина, тхо хIордкеманна тIе девлира. Ткъа уьш
шайн цIа бирзира. 7 Цора-гIалара кхидIа а тхайн
некъ бира оха. Iаккхо-гIалахь севцина, динан
вежаршка маршалла а хаьттина, цаьрца цхьа де
даьккхира оха. 8 †ШолгIачу дийнахь новкъа девлла
Кхесрин-гIала кхечира тхо. Ярушалаймехь
хаьржинчу ворхI гIоьнчех цхьаннан, *хаза кхаъ*
нахана юкъахь баржош болчу Пилапан хIусамехь
севцира тхо. 9 Цуьнан маре яхаза йиъ йоI яра. Уьш
Делера болу хаам бовзуьйтуш бара. 10 ††ЯхIуд-
махкара Агав цIе йолу пайхамар вале, оха масех де
даьккхира цигахь. 11 Тхо долчу а веана, ПахIалан
доьхка схьа а эцна, шен когаш а, куьйгаш а
дихкина, элира цо: «Делан Сино боху: „ХIара доьхка
долу стаг, иштта дIа а вихкина, кхечу къаьмнийн
нахе дIалур ву Ярушалаймера жуьгташа“».
12 Иза а хезна, тхо а, цигахь болу нах а, ПахIале
Ярушалайме ма гIахьара бохуш, дехарш дан
хIиттира. 13 ТIаккха ПахIала элира: «ХIун до аша,
хIунда доьлху шу, сан дог а дохош? ДIавехкарна
хьовха, Везачу Элан Iийсан дуьхьа Ярушалаймехь
вала а кийча ву со». 14 Цуьнан ойла хийца ницкъ а
ца кхаьчна, оха, совца а севцина, элира: «Везачу
Элан лаам кхочушхуьлда».
15 Юха, кечам а бина, Ярушалайме дахара тхо.
16 Кхесрин-гIалара цхьаболу мурдаш баьхкира
тхоьца. Цара тхо дуьххьарлерчу мурдех волчу
Кипрерачу Мансонна тIе дигира. Цуьнан хIусамехь
севцира тхо.

### ПахIал Якъуб волчу воьду

17 Ярушалайме дIакхаьчча, динан вежарша дика
тIеийцира тхо. 18 ШолгIачу дийнахь ПахIал тхоьца
Якъуб волчу веара. Иза волчохь берриге а
тхьамданаш гулбеллера. 19 Цаьрга маршалла а
хаьттина, ПахIала дийцира шегахула кхечу
къаьмнийн нахана юкъахь Дала динчух лаьцна.
20 Дийцинарг а хезна, Далла хастам а бина, цара
элира ПахIале:
«Ваша, хьуна дуккха а эзарнаш Iийсах тешна
жуьгтий хилар гуш ду. Уьш массо а товратан
хьехамаш ларбеш а бу. 21 Хьох лаьцна цаьрга
олура, кхечу къаьмнийн нахана юкъахь Iаш болу
жуьгтий ахь Iамабо, Муса-пайхамарах дIакъаста
бохуш, шайн бераш сунт ма де бохуш, вайн
гIиллакхаш ма леладе бохуш. 22 ТIаккха хIун дан
деза оха? Царна хуур ма ду хьо веанийла. 23 ‡Оха
ма-аллара де: тхуна юкъахь нигат дина виъ стаг ву.
24 Уьш схьа а эций, цIинваларан Iадатах чекхвала.
Кортош дошуш церан хиллачу харжах ахча дIа а ло.
ТIаккха хIоранна а хуур ду, хьох лаьцна дуьйцург
цхьа а бакъ доций, хьо товратан хьехамаш
кхочушбеш вуйла. 25 ‡‡Ткъа Iийсах тешна болчу
кхечу къаьмнийн нахе оха кехат яздина, *цIушна*
сагIина деана жижиг а ма даа, цIийх а ларло,
садукъдина дайинчу бежанийн жижиг а ма даа,
нахаца а ма лела аьлла».
26 ПахIала, билгалбаьхна нах схьа а эцна,
шолгIачу дийнахь цаьрца цIинваларан Iадат

†† *20:24 2 Тимапига 4:7.*

† *21:8 Векалийн 6:5; 8:5.* †† *21:10 Векалийн 11:28.* ‡ *21:23, 24 Лелар 6:13-21.* ‡‡ *21:25 Векалийн 15:29.*

кхочушдира. Юха, Делан цIийнан керта а веана, цо
хаам бира, шайн цIиндаларан денош чекх маца
девр ду а, шайх хIораннах а сагIа маца доккхур ду а
аьлла.

### ПахIал лацар

27 ВорхIалгIа де чекхдолуш Асиа-махкарчу
жуьгташна Делан цIийнан кертахь гира иза.
Дерриг а адам карзах а даьккхина, цара ПахIал
схьалецира, 28 маьхьарий а детташ: «Исраилхой!
ГIо дейша! ХIара массанхьа а нах товратан
хьехамашна а, вайн халкъана а, Делан цIенна а
дуьхьалбохуш ву. Ткъа хIинца, Делан цIийне кхечу
къомах болу нах – грекаш – а балийна, сийлахьа
меттиг бехйина кхо». 29 ( †Хьалха, Ярушалаймехь,
Эпас-гIалара ТрахIим гинера нахана, цундела
моьттура царна цо иза Делан цIийне валийна.)
30 ГIала карзахъяьллера, массо а агIора адамаш
дара схьауьдуш. Цара, схьа а лаьцна, ПахIал Делан
цIийнан кертара аратакхийра. НеIарш цу сохьта
тIекъевлира. 31 Иза вен гIертара уьш. ТIеман коьрта
хьаькамна тIе хаам кхечира, ерриг а Ярушалайм
карзахъяьлла ю аьлла. 32 Цу сохьта тIемалой а,
эпсарш а схьа а эцна, нахана тIевахара иза. ТIеман
коьрта хьаькам а, тIемалой а гина, ПахIална
еттачуьра севцира уьш. 33 ТIаккха тIеман коьрта
хьаькам цунна тIевахара. ПахIал схьа а лацийтина,
иза шина зIенаца дIавехка аьлла, омра дира цо.
ПахIале иза мила ву, цуьнгара хIун даьлла аьлла,
хьаттира цо. 34 Нахана юкъахь, цхьаболчара цхьаъ,
вукхара важа дуьйцуш, маьхьарий девлира. ГIовгIа
хиларна бакъдерг къаста а ца делла, ПахIал гIопе
дIавигийтира тIеман коьртачу хьаькамо. 35 Лами
улло иза вигича, тIемалойн иза айина вига
дийзира, нах дукха оьгIазбахана, цунах лата
гIерташ хиларна. 36 Цунна тIаьхьабогIучу наха
маьхьарий хьоьккхура: «Ве иза!» – бохуш.

### ПахIала нахе дина къамел

37 ГIопана улло кхочуш, ПахIал тIеман коьртачу
хьаькаме вистхилира: «Хьоьга хатта мегар дуй ас?»
Вукхо элира: «Хьуна грекийн мотт хаьа? 38 ХIета,
хьо виъ эзар талорхо яьссачу ара а ваьккхина,
гIаттам айина мисархо вац-кх?»
39 ПахIала жоп делира: «Со Килик-махкара Тарс-
гIалара жуьгти ву, евзаш йолчу гIалин вахархо. Ас
доьху хьоьга, бакъо лохьа суна нахаца къамел
дан».
40 Вукхо бакъо елча, ПахIала, ламин тIегIанаш тIе
а хIоьттина, нах совцо куьг айира. Массо а
дIатийначу хенахь иза Iебархойн маттахь къамел
дан хIоьттира.

22 «Вежарий, ладогIалаш хIинца ас
аьндолчуьнга». 2 ПахIала шайга арамхойн
мотт буьйцу хезча, нехан къамелаш кхин а
лагIделира. ТIаккха цо элира:
3 ††«Со жуьгти ву, Килик-махкара Тарс-гIалахь вина
волу, амма кхузахь, хIокху гIалахь, кхиийна ву. Сан
устаз хилла Гамлиал. Цо леррина Iамийна суна
вайн дайн товратан хьехамаш. Тахана шу санна,
хьалха Далла леррина гIуллакх деш вара со.
4 ‡Iийсан некъа тIе бевлларш, лоьхкуш, лечу хьола
тIе бохура ас. Божарий а, зударий а, схьа а лоьцуш,
набахти чу кхуьйсура. 5 Цунна тоьшалла дийр ду
шуна динан коьртачу дас а, баккхийчеран
кхеташоно а. Цаьргара дара ас схьаэцна Дамасакх-
гIаларчу вежаршка-жуьгташка долу кехаташ. Со
цига вахара, схьа а лаьцна, Ярушалайме таIзар дан
нах схьабало.
6 Амма новкъа вогIуш, со Дамасакх-гIалина герга
веача, делкъахан хуьлучу заманчохь стигалара
къеггина серло кхийтира суна гонах. 7 Лаьтта
воьжча, суна сайга луьйш долу аз хезира: „Маржа
Шаул яI! Соьга бала хIунда хьоьгуьйту ахь?“
8 Ас хаьттира: „Мила ву хьо, Веза Эла?“
Цо элира соьга: „Со Назартера Iийса ву, ахь
эккхийна лелош волу“.
9 Соьца хиллачарна серло гира, амма соьга
луьйш Волчун аз къаьсташ ца хезира. 10 Ас
хаьттира: „ХIун де ас, Веза Эла?“
Везачу Эло элира: „Хьала а гIаттий, Дамасакх-
гIала гIо, цигахь эр ду хьоьга ахьа дан дезарг“.
11 Суна хIумма а ца гора, хIунда аьлча къеггинчу
серлоно бIаьрса дайинера сан. Цундела
некъахоша, куьг а лаьцна, Дамасакхе дIавигира со.
12 Далла муьтIахь а волуш, товратан хьехамаш
кхочушбеш а волуш, цигахь Iачу жуьгташа дика цIе
йоккхуш волу Хьанас цIе йолчу стага, 13 тIе а веана,
элира соьга: „Ваша Шаул! Са гуо хьайна!“ Цу сохьта
суна Хьанас гира. 14 Цо элира: „Вайн дайн Дала
къастийна хьо Цуьнан лаам хаа, къаьсттина
Бакъверг ган а, Цуьнан багара аз хаза а. 15 ХIунда
аьлча гиначунна а, хезначунна а Цуьнан теш хир
ву хьо массо а адамна хьалха. 16 ХIун деш Iа хьо?
Хьала а гIаттий, хьо хих чекх а ваккхийтий,
къинойх цIанло, Везачу Эле Iийсага кхойкхуш“.
17 Со Ярушалайме вухавеача, Делан цIийнан
кертахь доIа дечу хенахь суна шовкъ еара: 18 Суна
Iийса гира. Цо соьга элира: „Сихло, Ярушалаймера
аравала, хIунда аьлча кхузахь хьан Сох долу
тоьшалла тIеоьцур дац“.
19 Ас элира: „Веза Эла, цу нахана хаьа, со
жуьгтийн гуламан цIеношкахула леллий, Хьох
тешаш болу нах схьалоьцуш а, царна етташ а.
20 ‡†Хьан теш хиллачу Тапин цIий Iеначу хенахь со
цигахь лаьттташ вара, и гIуллакх къобал а деш, иза
вуьш болчеран бедарш а ларъеш“.
21 ТIаккха Цо элира соьга: „ДIавало, Аса генна
вохуьйту хьо, кхечу къаьмнийн нах болчу“».

† 21:29 Векалийн 20:4.

†† 22:3 Векалийн 5:34-39. ‡ 22:4, 5 Векалийн 8:3; 26:9-11.
‡† 22:20 Векалийн 7:58.

### ПахӀал а, тӀеман коьрта хьаькам а

22 И дешнаш аллалц ладугӀуш хилла болу нах, уьш
хезча, маьхьарий хьекха хӀиттира: «Ве иза! Иза
ваха хьакъ вац!» – бохуш. 23 Цара маьхьарий а
хьоькхуш, тӀера хӀуманаш охьа а кхуьйсуш,
оьгӀазбахана хӀаваэ чан кхуьйсучу хенахь, 24 тӀеман
коьртачу хьаькамо омра дира, ПахӀал гӀопе дӀа а
вигина, барт хатта, шед а етташ, наха кхунна тӀе
мохь мича бахьанина хьоькху хаархьама. 25 Амма
шед етта доьхкаршца ша дӀавихкинчу хенахь
ПахӀала элира цигахь лаьттачу тӀеман хьаькаме:
«Нийса дуй *Риман вахархочунна*, кхел а ца еш, шед
еттар?»
26 Иза хезна, тӀеман хьаькамо, шел лакхарчунна
тӀе а вахана, элира: «Хьо хӀун деш ву? И стаг Риман
вахархо ма ву».
27 Лакхарчу тӀеман хьаькамо, тӀе а веана,
хаьттира ПахӀале: «Алал, хьо Риман вахархо вуй?»
«Ву», – аьлла, жоп делира ПахӀала.
28 Коьртачу тӀеман хьаькамо элира: «Суна дукkха
а ахча ийшира Риман вахархо хила».
ПахӀала элира: «Со вичхьана а ву Риман вахархо».
29 Ша Риман вахархо дӀавихкинийла хиъча,
коьрта хьаькам кхеравелира цуьнга барт хатта
кечбелларш цу сохьта юхабевлира, ткъа.
30 ШолгӀачу дийнахь жуьгташа ПахӀал стенна бехке
во хаа а лиъна, цунна тӀера зӀенаш дӀа а яхийтина,
динан коьртачу дайшка а, ерриг а коьртачу
кхеташоне а гулло а аьлла, ПахӀал, схьа а валийна,
царна хьалха хӀоттийра тӀеман хьаькамо.

### ПахӀал а, жуьгтийн тхьамданаш а

23 Коьртачу кхеташонехь болчу нахе а
хьаьжна, ПахӀала элира: «Сан вежарий!
Таханлерчу дийне кхаччалц Далла хьалха цӀеначу
дагца ваьхна ву со». 2 Динан коьртачу дас Хьанаса
шена хьалха лаьттачаьрга омра дира, ПахӀалан
бета тӀе хӀума тоха аьлла. 3 †ПахӀала элира цуьнга:
«Дала таӀзар дийр ду хьуна, шалхонча. Нийсонца
кхел ян хиъна хьо воллушехь, хӀетте а харцонца
суна етта боху-кх ахь».
4 Уллохь лаьтташ болчара элира ПахӀале: « *Динан
коьрта да* сийсазво ахьа!»
5 ††ПахӀала элира: «Вежарий, суна ца хаьара иза
динан коьрта да вуйла. Яздина ма ду: „Хьайн
халкъана тӀехь волчу куьйгалхочунна лен ма ле“, –
аьлла».
6 ‡Гулбеллачу нахана юкъахь цхьаберш *садукъой*,
вуьш *парушхой* буйла шена хиъча, ПахӀала чӀоггӀа
элира: «Вежарий! Со парушхочух схьаваьлла
парушхо ву шуна! Белларш денлуш хиларх сатесна
ву аьлла, валийна ву со кхуза кхел ян».
7 Цо иза аьлча, *парушхошна* а, *садукъошна* а
юкъахь къовсам а баьлла, гулам шина декъе
бекъабелира. 8 ( ‡‡ХӀунда аьлча садукъоша я
денвалар а, я маликаш а, я жинаш а дац бохура,
ткъа парушхоша и дерриг а ду бохура.) 9 Йоккха
гӀовгӀа елира. Парушхойх болчу цхьаболчу Іеламчу
наха бохура: «Кху стагехь тхуна цхьа а воних ца
карадо. ХӀун хаьа, цуьнца жино я малико къамел
динийла» ‡‡. 10 Амма къовсам кхин а чӀогӀа баларна
тӀеман коьртачу хьаькамо, наха ПахӀал
вовшахваккхарна кхоьруш, тӀемалошка омра дира,
лаха чу а диссий, царна юкъара схьа а ваккхий, иза
гӀопе дӀавига аьлла.
11 Буьйсанна ПахӀална хьалха хӀоьттинчу Везачу
Эло элира: «ЧӀагӀлолахь, ПахӀал. Айхьа
Ярушалаймехь Сох тоьшалла ма-дарра, Римехь а
иза дан дезар ду хьан».

### Жуьгташа ПахӀална дуьхьал бартбар

12 Де тӀекхаьчча, цхьаболчу жуьгташа, барт а
бина, дуй биира ПахӀал шаьш веллалц ца яа а, ца
мала а. 13 И барт беш декъехь вара шовзткъа сов
стаг. 14 Динан коьрта да а, баккхий нах а болчу а
бахана, цара элира: «Оха дуй биъна ца яа а, ца
мала а ПахӀал веллалц. 15 Аша а, коьртачу
кхеташоно а тӀеман коьртачу хьаькаме дехар де,
ПахӀал шаьш долчу валавайта алий, цуьнан
гӀуллакх кхин цкъа а дикка таллархьама. Шуна
тӀекхачале, иза вен тхо кийчча ду».
16 Цара бинчу бартах лаьцна ПахӀалан йишин
кӀантана хиира. Цо, гӀопе а веана, ПахӀале
дӀахаийтира и гӀуллакх. 17 ТӀаккха ПахӀала, римхойн
эскарера цхьана тӀеман хьаькаме схьа а кхайкхина,
элира: «ХӀара жима стаг тӀеман коьртачу хьаькамна
тӀевига, цуьнга цхьа хӀума ала деза кхуьнан», –
аьлла.
18 Цу хьаькамо, и кӀант тӀеман коьртачу
хьаькамна тӀе а вигина, элира: «Тутмакха ПахӀала,
соьга схьа а кхайкхина, хӀара жима стаг хьуна
тӀевига элира. Кхуьнан хьоьга ала цхьа хӀума ду
боху цо».
19 ТӀеман коьртачу хьаькамо, куьг лаьцна юьстаха
а ваьккхина, хаьттира кӀанте: «ХӀун дара хьан соьга
ала?» – аьлла.
20 КӀанта элира: «Жуьгташа барт бина, хьоьга
ПахӀал кхана коьртачу кхеташоне валаве аьлла,
дехар дан, цуьнан гӀуллакх дикка толлучуха.
21 Цаьрга ла ма догӀалахь, хӀунда аьлча шовзткъа
сов стаг ву цунна кӀело йина Іаш. Цара дуй биъна
ца яа а, ца мала а шаьш иза веллалц. Уьш хӀинца
кийчча Іаш бу, ахь ден долчу омре хьоьжуш».
22 ТӀаккха тӀеман коьртачу хьаькамо жима стаг
дӀавахийтира: «Айхьа соьга аьлларг цхьаьнгге а ма
дийцалахь», – аьлла.

† *23:3 Маттай 23:27, 28.* †† *23:5 Арадаккхар 22:28.* ‡ *23:6 Векалийн 26:5; Пилапхошка 3:5.*

‡‡ *23:8 Маттай 22:23; Марк 12:18; Лака 20:27.* ‡‡ *Цхьадолчу тептарш тӀехь тӀетоьхна ду: *«Далла дуьхьал хир дац вай».**

### ПахIал Кхесрин-гIала дIавохуьйту

23 Цул тIаьхьа, шен тIеман хьаькамех шиъ схьа а
кхайкхина, цо элира: «Кхесрин-гIала ваха ши бIе
гIашло а, кхузткъе итт дин-бере а, ши бIе
*гоьмукълелорхо* а кечве, буьйсанна исс сахьт
долуш уьш дIа а хьовсабе. 24 Иштта, варраш а
кечъе, тIе а хаавай, ПахIал мехкан куьйгалхо
Пелакъ волчу дIавигийта».
25 Цул сов, иштта чулацам болуш кехат а яздира
цо:
26 «Цуьнан сийлалле мехкан куьйгалхочуьнга
Пелакъе маршалла доуьйту Калабди Лосас.
27 ХIара стаг, схьа а лаьцна, жуьгташа вуьйчуьра
тIемалошца веанчу ас кIелхьарваьккхина ву,
*Риман вахархо* вуй ма-хиъинехь. 28 Кхуьнан хIун
бехк бу хаархьама, ас хIара церан коьртачу
кхеташоне валийра. 29 Цигахь билгалделира
кхуьнан бехк бу аьлла лоруш дерг церан шайн
товратан хьехамашца доьзна хилар. Амма хIара
вен я дIалаца бахьана долуш хIума дацара. 30 Сайна
кху стагана дуьхьал барт бинийла ма-хиъинехь, ас
сихонца хIара хьо волчу дIахьажийра, ткъа
кхуьнан кхелахошка, гIуллакх хьоьга къастадайта
аьлла, омра дира».
31 ТIемалоша шайна деллачу омрица ПахIал, схьа
а эцна, буьйсанна Анти-Патар-гIала дIавигира.
32 Ткъа шолгIачу дийнахь, иза гоьрашкахь
болчаьрга кхидIа вига а аьлла, гIопе юхабирзира
уьш. 33 Вукхара, Кхесрин-гIала схьакхаьчча, кехат
мехкан куьйгалхочуьнга дIа а делла, ПахIал цунна
хьалха хIоттийра. 34 Мехкан куьйгалхочо, кехат а
дешна, ПахIале хаьттира, иза муьлхачу меттера ву
аьлла. ХIара Киликера вуйла хиъча, цо элира: 35 «Ас
хьан гIуллакхе ладугIур ду, хьо бехке веш берш
схьакхаьчча». ТIаккха гIароле, иза кхел еш долчу
ХIародан цIийнехь ларве аьлла, омра дира цо.

### Пелакъа ПахIалан гIуллакхе ладугIу

24 Пхи де даьлча, *динан коьрта да* Хьанас а,
масех воккха стаг а, кхелан гIуллакх лелош
волу Туртал а веара цига. Цара мехкан
куьйгалхочуьнга ПахIална дуьхьал шаьш
даькkхинарг дийцира. 2 ПахIал схьакхайкхича,
Туртала, иза бехкевеш, бохура:
«Массо а хенахь а, массо а меттехь а баркаллица
тIечIагIдо оха, лоруш волу Пелакъ, хьо бахьана
долуш тхо долчохь машар хилар а, ахь Iуналла
дарца хIокху халкъан дахар толуш хилар а. 4 Амма,
хьуна тIех новкъарло ца ярхьама, доьху хьоьга
тхан доццачу къамеле ладогIар, хьайгахь гуттар а
болчу къинхетамца. 5 Оха къастийна: хIара стаг
нахана зуламе хилар, дуьнен чохь массо а меттехь
жуьгташна юкъахь питана туьйсуш а, назартхойн
тобанан куьйгалхойх цхьаъ хилар а. 6 ТIехула тIе
*Делан цIа* сийсаздан а воьллера хIара, амма оха
сацийра †. 8 Барт хаьттича, хьуна хьайна а хуур ду,
оха хIара стаг бехкевар нийса дуйла».
9 Оцу бехкана тIетайра важа жуьгтий а, цо
аьлларг дерриг а бакъ ду аьлла.

### ПахIала Пелакъна хьалха ша бехказавоккхуш дина къамел

10 Мехкан куьйгалхочо пурба делча, ПахIала жоп
делира: «Дуккха а шерашкахь кху халкъана тIехь
хьо кхелахо вуй а хууш, со хазахетарца бехказавала
хьожур ву. 11 Хьуна хаа хала хир дац, со шийтта де
ца кхоччуш хьалха Ярушалайме Далла *Iибадат* дан
веанийла. 12 Я Делан цIийнехь а, я жуьгтийн
гуламан цIеношкахь а, я гIали юккъехь а со бехке
вечу нахана цхьаьнцца а къуьйсуш я нах
карзахбохуш а со ца гина. 13 Церан ницкъ бац, со
бехке ву аьлла, цхьа а тешо. 14 Амма цхьана
хIуманна тIехь къера ву со: сайн дайн Далла
гIуллакх деш вогIу со кхарна тоба бен ца хетачу
новкъахула. Товратан хьехамех а, пайхамарша
яздинчух а – дерригенах а теша со. 15 Делан
лаамехь болчарна а, боцучарна а беллачуьра
денлур бу аьлла болу, хIорш а шех тешаш болу,
Делах болу цхьа сатийсам бу сан. 16 Цундела дерриг
а сайн ницкъ кхочург дан гIерта со Далла а, нахана
а хьалха догцIена хилархьама. 17 ††Дуккха а шераш
девллачул тIаьхьа Ярушалайме веана со, сайн
халкъана юкъара къечарна хIума кховдорхьама а,
сагIа даккхархьама а. 18 Со цIинвaларан Iадатах
чекхваьлча, Делан цIийнан кертахь карийра Асиа-
махкара масех жуьгтичунна. Соьца адамийн тоба
яцара, я гIовгIа а ца йора цхьаммо а. Уьш бара
хьуна хьалха хIитто безарш, нагахь церан суна
дуьхьал ала хIума делахь. 20 Я кхаьрга алийта,
соьгахь хIун харцо карийна шайна, со коьртачу
кхеташонна хьалха лаьттачу хенахь. 21 ‡Кхарна
юкъахь лаьттачу хенахь ас чIогIа аьлла цхьа дош
бахьана долуш дуй те хIара: „Белларш денлуш
хилар теша аьлла, аша суна тахана кхел йо“, –
аьлла».
22 Дерригене ла а доьгIна, цу хьехамах дерг шена
дика хаьа дела, Пелакъа и гIуллакх тIаьхьатеттира.
Цо элира: «ТIеман коьрта хьаькам Лоса схьавеача,
ас къастор ду шун гIуллакх». 23 Юха цо тIеман
хьаькаме омра дира, ПахIал ларве, амма паргIат а
вита, накъосташна цуьнан гIайгIа бан новкъарло а
ма е аьлла.

### ПахIал Кхесрин-гIалахь чувоьллина латтаво

24 Масех де даьлча, жуьгти йолчу, шен зудчуьнца
Дурсалица веанчу Пелакъа, ПахIале схьа а
кхайкхийтина, Дала леррина къобалвинчу Iийсах

† *Цхьадолчу тептарш тIехь тIетоьхна ду: *Тхо тхайн Iедалца кхунна кхел ян лууш дара. *7 Амма тIеман коьрта хьаькам волчу Лосас, ван а веана, нуьцкъаха тхан карара схьа а ваьккхина, хьо волчу хьажийра хIара. *8 ХIара бехке веш долчу тхуна а тIедожийра цо хьуна тIедахкар.** †† *24:17, 18 Векалийн 21:17-28.* ‡ *24:21 Векалийн 23:6.*

долчу тешарх лаьцна цуьнга дийцийтира.
25 ПахIала бакъдолчух а, юхаозаваларх а, хин йолчу
Делан кхелах а лаьцна дийцича, Пелакъа, кхера а
велла, элира: «ХIинца дIагIо, юхахула ас
схьакхойкхур ву хьо». 26 Цул сов иза сатесна вара
ПахIала ша дIахоьцург ахча лург хиларе, цундела,
кест-кеста схьа а кхойкхуш, цуьнца къамел дора цо.
27 Ши шо даьлча, Пелакъан метта Порка Висита цIе
йолу куьйгалхо веара. Жуьгташна там бархьама
ПахIал чувоьллина витира Пелакъа.

### ПахIал Виситина хьалха хIутту

25 Ша куьйгалхо хIоьттина кхо де даьлча,
Кхесрин-гIалара Ярушалайме веара Висита.
2 Динан коьрта дай а, жуьгташна юкъара лоруш
болу нах а баьхкира цунна тIе, ПахIална арз
дахьаш. Цара дехарш дора, 3 къинхетам а бина,
ПахIал Ярушалайме схьавалавахьара бохуш. Ткъа
новкъахь иза вен къайлаха барт бира цара.
4 Виситас жоп делира, ПахIал Кхесрин-гIалахь
чувоьллина ву, ша а кестта цига гIур ву аьлла.
5 «Шайна юкъара масех стаг ваийта соьца, – элира
цо, – цаьрга хIара стаг бехке вайта, нагахь кхуьнан
бехк белахь».
6 Цаьрца бархI-исс де а даьккхина, Висита
Кхесрин-гIала юхавеара. ШолгIачу дийнахь,
кхелахочун метте а хиъна, ПахIал схьавалавайтира
цо. 7 Иза схьакхаьчча, Ярушалаймера баьхкинчу
жуьгташа, цунна го а бина, иза бехке веш, дуккха а
хIуманаш дехира цунна дуьхьал. Амма цуьнан бехк
болчух Висита тешо ницкъ ца кхочура церан.
8 ПахIала дуьхьало йора: «Ас цхьа а воних ца дина
жуьгтийн товратан хьехамашна а, Делан цIенна а,
Рим-мехкан паччахьна а дуьхьал», – бохуш.
9 Жуьгташна там болу агIо лоьхуш, Виситас элира
ПахIале: «Ярушалайме ваха лаьий хьуна, соьга
цигахь хьайна кхел яйта?»
10 ПахIала элира: «Со Рим-мехкан паччахьан
кхелана хьалха лаьтташ ву хIинца, сайна кхел ян
еззачохь. Ас жуьгташна цхьа а воних ца дина, иза
хьуна а дика хаьа. 11 Нагахь со нийса а воцуш, со
вел соьгара бахьана даьллехь, Iожалла тIеэца а
кийча ву со. Амма хIара нах харцлуьйш белахь,
цхьаннан а бакъо яц со кхаьрга дIавала. Ас Рим-
мехкан паччахьан кхел яр доьху».
12 Кхеташонца къамел а дина, Виситас элира: «Ахь
паччахьан кхел йоьхуш хилча, Рим-мехкан
паччахьна тIевохуьйтур ву хьо», – аьлла.

### ПахIал АгIарипа-паччахьна хьалха хIутту

13 Масех де даьлча, Висита куьйгалхо хIоттор
даздан Кхесрин-гIала паччахь АгIарипа а, цуьнан
йиша Беруника а деара. 14 Уьш цигахь масех денна
севцина дела, Виситас паччахьна ПахIалан
гIуллакхах лаьцна дийцира: «Кхузахь Пелакъа
чувоьллина цхьа стаг ву. 15 Со Ярушалаймехь
волуш жуьгтийн тхьамданаша а, динан дайша а,
бехке а веш, кхел е бохура цу стагана. 16 Амма ас
элира цаьрга, римхойн Iедал дац бехке веш волу
стаг дIалуш, цкъа хьалха шен довхошца юьхь-
дуьхьал а кхетта, бехказа вала бакъо яллалц аьлла.
17 Цундела и жуьгтий кхуза схьакхаьчча, ас
шолгIачу дийннехь, кхелахочун метте а хиъна, иза
схьавалавайтира. 18 Суна моьттуш долчу цхьана а
зуламехь иза бехке ца вира цуьнан довхоша.
19 Амма церан цхьацца къовсамаш бара шайн
динах а, цхьана веллачу Iийсах а лаьцна, ткъа
ПахIала-м Иза дийна ву бохура. 20 И гIуллакх муха
къастор ду а ца хиъна, ас хьаьттира ПахIале:
„Ярушалайме а вахана, цигахь кхел яйта лаьий
хьуна?“ – аьлла. 21 Амма ПахIала Рим-мехкан
паччахьан сацам хиллалц ша Кхесрин-гIалахь вита
аьлча, ас омра дира, иза Рим-мехкан паччахьна
тIевиггалц чувоьллина вита аьлла».
22 АгIарипас Висите элира: «Суна сайна а лаьа оцу
стаге ладогIа».
«Кхана хьуна хезар ду иза вистхуьлуш», – аьлла,
жоп делира Виситас.
23 ШолгIачу дийнахь АгIарипа а, Беруника а, кеч а
делла, шайца тIеман хьаькамаш а, гIалара лоруш
болу нах а болуш кхел ечу цIа чу баьхкича, Виситас
омра дира, ПахIал схьавалаве аьлла. 24 Цул тIаьхьа
Виситас элира: «АгIарипа-паччахь а, кхузахь тхоьца
болу берриш а! Шуна гуш волчу хIокху стагана
Ярушалаймехь а, кхузахь а вуно дукха жуьгташа
аьрзнаш дина. Цара маьхьарий хьийкхира, хIара
кхин ваха хьакъ вац бохуш. 25 Амма суна хета, вел
бахьана кхуьнгара ца даьлла аьлла. Рим-мехкан
паччахь волчохь шена кхел яр кхо дехарна, ас
сацам бина хIара цига дIахьажо. 26 Амма кхунах
лаьцна цу паччахье яздан хIумма а дац сан.
Цундела ас хIара шуна, къаьсттина хьуна хьалха,
АгIарипа-паччахь, валавайтина, гIуллакх
къастийча, Рим-мехкан паччахье сайна яздан
хIума хилийта. 27 ХIунда аьлча суна нийса ца хета
чувоьллина стаг, иза бехке веш дерг хIун ду а ца
хоуьйтуш, дIахьажор».

### ПахIала АгIарипа-паччахьна хьалха дина къамел

26 ТIаккха АгIарипа-паччахьо элира ПахIале:
«Къамел дан мегар ду хьуна», – аьлла.
ПахIала, куьг хьала а айина, ша бехказавоккхуш
къамел дира:
2 «Паччахь АгIарипа! Жуьгташа сайна дуьхьал
дуьйцучунна тахана хьуна хьалха сайн бехказавала
аьтто хиларна со ирс долуш хета суна, 3 хьо
жуьгтийн гIиллакхаш а, къовсаме долу хIуманаш а
девзаш хиларна муххале а. Цундела доьху хьоьга
собарца сайга ладогIар.
4 Массо а жуьгташна хаьа, со жима волуш дуьйна
а сайн халкъана юкъахь а, юха Ярушалаймехь а
муха ваьхна. 5 †Царна со вевза дуккха а хан ю,
цундела церан тоьшалла дан йиш ю, шайна лиъча,
со *парушхо* а хилла, вайн динаца догIуш долу уггар

† *26:5 Векалийн 23:6; Пилапхошка 3:5.*

къовламе хьехамца вехаш Iаш хилар. 6 ХIинца со
кхелана хьалха лаьтташ ву, Дала вайн дайшна
делла дош кхочушхиларе сатесна хиларна. 7 Цунна
сатесна ду тхан халкъан шийтта тайпа, дийнахь а,
буса а Далла даггара гIуллакх а деш. Оцу
сатийсамна бехкево со жуьгташа, ва паччахь.
8 Хила йиш йоцуш хIунда хета шуна Дала
беллачуьра нах денбар? 9 †Со а вара тешна,
Назартарчу Iийсах лаьцна долчунна дуьхьал дуккха
а хIума дан деза аьлла. 10 И дерриг а дора ас
Ярушалаймехь: Iийсах тешна беза нах набахти чу
кхуьйсура, динан дайшкара бакъо а яьккхина, и
нах байар къобал а дора. 11 Ас таIзар дора царна
массо а жуьгтийн гуламан цIеношкахь, уьш шайн
дина тIера юхабовлийта гIерташ. Сайн царна
дуьхьал йолу оьгIазалла сел чIогIа хиларна, кхечу
гIаланашка а воьдура со уьш схьалеца».

### ПахIала ша Далла тIеверзарх лаьцна дуьйцу

(Векалийн 9:1-19; 22:6-16)

12 «Оцу гIуллакхна цкъа Дамасакхе воьдуш вара
со, динан коьртачу дайшкара бакъонаш а яьхна,
цара тIедехкина декхарш а эцна. 13 Делкъахан
хуьлучу хенахь, ва паччахь, тхо новкъа схьадогIуш,
стигалара цIеххьана малхачул а чIогIа серло
кхийтира. И серло тхуна гонах хIоьттира. 14 Тхо
массо а лаьтта охьаийгира. Юха сайга лерина долу
аз хезира суна, арамхойн маттахь къамел деш:
„Маржа Шаул яI! Соьга бала хIунда хьоьгуьйту ахь?
Туьран дитт а хилла дуьхьалваьлла, хьайна зе
хIунда до ахь?“
15 Ас хаьттира: „Хьо мила ву, Веза Эла?“
Везачу Эло жоп делира: „Со ахь хьийзош волу
Iийса ву. 16 ХьалагIатта когаш тIе. Со веана, хьуна
гиначун а, гун долчун а хьо теш а, гIуллакх
кхочушдархо а вина, дIахIотто. 17 Ас кхечу
къаьмнийн нах болчу вохуьйту хьо. Хьайн халкъах
а, кхечу къаьмнийн нахах а Ас кIелхьарвоккхур ву
хьо. 18 Церан бIаьргаш схьадиллина, боданера
серлоне а баьхна, иблисан олаллина тIера Далла
тIеберзор бу ахь уьш, царна гечдар хилийтархьама
а, Сох болу тешам бахьана долуш, Делан базбинчу
нахана юкъахь церан меттиг хилархьама а“».

### ПахIала жуьгташка а, кхечу къаьмнийн нахе а дина тоьшалла

19 «Цундела, АгIарипа-паччахь, ас дуьхьало ца
йира стигалара сайна хIоьттинчу бIарлагIина.
20 ††Со кхайкхам бан волавелира цкъа хьалха
Дамасакххехь а, Ярушалаймехь а, берриг а ЯхIуд-
махкахь а, юха кхечу къаьмнийн нахана юкъахь,
уьш дохко а бевлла, Далла тIе берзийтархьама,
шайн гIуллакхашца дохкобовлар цаьрга
гайтийтархьама. 21 Цу бахьаненна, *Делан цIа* чохь
волуш, схьа а лаьцна, со вен гIоьртира жуьгтий.
22 Амма Дала гIо дира суна, таханалера де кхачале
а. Цуьнан гIоьнца лаьтташ ву со тахана кхузахь
хьалдолчу а, къечу а нахе тоьшалла деш, кхин
хIумма а ца дуьйцуш, пайхамарша а, Мусас а хир ду
аьлларг бен: 23 ‡ *Дала леррина Къобалвинарг*,
баланаш а хьегна, кхелхинчул тIаьхьа, беллачех
гIаьттина хьалхарниг хир ву. Цо яхьар ю серло
жуьгтийн халкъана а, кхечу къаьмнийн нахана а».

### ПахIал АгIарипа-паччахь тешо гIерта

24 ПахIалан къамел чекхдалале Виситас чIоггIа
элира: «ПахIал, хьо хьераваьлла! Дукха дешаро
талхийна хьо!»
25 «Со хьераваьлла вац, лоруш волу Висита, –
аьлла, жоп делира ПахIала. – Ас дуьйцург нийса а,
хьекъале а ду. 26 АгIарипа-паччахьна дика девза
хIара санна гIуллакхаш, цундела ас паргIат дуьйцу
цуьнца. Со тешна ву, цуьнан тидамера хIумма а
даьлла дац, хIунда аьлча хIара дерриг а ломал
дехьа хилла дац, массеран а бIаьргашна хьалха
хилла ду. 27 Паччахь АгIарипа, пайхамарех теший
хьо? Хаьа суна, хьо теший».
28 ТIаккха АгIарипас элира ПахIале: «Иштта атта со
Iийсах тешначех дIаккхетар ву моьтту хьуна?»
29 «Хьесапе дац, атта я хала ду иза, – жоп делира
ПахIала, – амма ас Деле доьху, хьо хилла ца Iаш,
массо а тахана соьга ладугIушверг, со санна,
хилийта бохуш, амма гIоьмаш тоьхна тутмакхаш ца
хуьлуш».
30 ТIаккха паччахь хьалагIаьттира, цуьнца
цхьаьна хьалагIевттира мехкан куьйгалхо а,
Беруника а, берриш а цаьрца Iийнарш а. 31 Цара,
ара а бевлла, бохура вовшашка: «Цу стага иза вен я
чуволла цхьа а бахьана ца далийтина».
32 АгIарипас элира Висите: «И стаг хIинцца
дIахеца мегар дара, цо Рим-мехкан паччахьна
хьалха хIотта лаьа шена ца аьллехь».

### Риме боьдучу новкъахь

27 Тхан Итали даха деза аьлла, сацам хиллачул
тIаьхьа ПахIал а, кхин цхьацца болу
тутмакхаш а Юлай цIе йолчу тIеман хьаькаме
дIабелира. Иза Рим-мехкан паччахьан цIарахчу
эскаран декъан эпсар вара. 2 Асиа-махка доьдучу
Адрамитти-гIалин хIордкеманна тIе а хевшина,
новкъадевлира тхо. Тхоьца Арестах цIе йолу
Тассалник-гIалара македонхо а вара. 3 ШолгIачу
дийнахь тхо ЦIадан-гIалахь охьадевлира кеманна
тIера. Юлай ПахIале ларам болуш хилира. Цо
цунна бакъо елира оьшучунна тIехь гIо дийр долу
накъостий болчу ваха. 4 Цигара хIорда тIе
арадевлла, мох кIезиг болчу агIор, Кипр-гIайре
йолчухьа дахара тхо, дуьхьал хьоькхуш мох
хиларна. 5 Киликана а, Пампилна а дуьхьал болчу
хIордал дехьа а девлла, Ликин-махкарчу Мир-гIала
кхечира тхо. 6 Цигахь Искандар-гIалара Итале-

† *26:9-11 Векалийн 8:3; 22:4, 5.* †† *26:20 Векалийн 9:20, 28, 29.*

‡ *26:23 а: 1 Коринтхошка 15:20; б: ЕшаI-ЯхIу 42:6; 49:6.*

махка догӀу хӀордкема а карийна, цу тӀе ховшийра
тхо тӀеман хьаькамо Юлайс.
7 Масех дийнахь меллаша дӀадоьлхуш дара тхо.
Мох дуьхьал хьоьккхуш хиларна, Кинад-гӀалина
дуьхьал нисделча, цу агӀор кхидӀа даха а ца делла,
Крит-гӀайренна улло дахара тхо, Салмон цӀе йолчу
берда юххе а теӀаш, цигахь мох кӀезиг болу дела.
8 Халла цунна уллохула тӀех а девлла, Ласи-гӀалина
гена йоцучу, шех Дика дӀахӀуттийла олучу метте
кхечира тхо.
9 Дуккха а хан яьллера тхо новкъа девлла. КхидӀа
даха кхераме дара, хӀунда аьлча гуьйренан чаккхе
яра, жуьгтийн халкъ къинойх цӀиндаларан деза де
а чекхдаьллера. ПахӀала, хьехар деш, бохура:
10 «ЛадогӀийша! Со гуш ву хӀара некъ кхераме хирг
хилар, кеманна а, цу тӀерачу кирана а хилла ца Ӏаш,
вайн дахарна а».
11 Амма хӀорш эцна воьду тӀеман хьаькам
хӀордкема долахь долчух а, и дӀадохуьйтуш
куьйгалла деш волчух а алсам тийшира, ПахӀала
дуьйцучул а. 12 Кхеран кема дӀахӀоьттина меттиг Ӏа
даккха пайденна яцара, цундела дукхахберш Крит-
гӀайре тӀехь йолчу Пиника-гӀала хӀордахула дӀабаха
лууш бара. Къилба-малхбузера а, къилбаседа-
малхбузера а мехашна дуьхьал йолчу цу меттехь
Ӏанера бовла лаьара царна.

## ХӀорд ловзабалар

13 Къилбера байн мох хьаькхча, царна моьттира
иза шайна оьшург ду. *Кема сацориг* хьала а
яьккхина, Крит-гӀайре йистехула дӀабахара уьш.
14 Амма дукха хан ялале гӀайре йолчу агӀорхьара
шех къилбаседа-малхбалера олу чӀогӀа мох
хьаькхира. 15 ХӀорд ловзабаьллачу юккъе а
нисделла, мохана дуьхьал ца дахалора хӀордкема.
Мохо шена луъучу агӀор дӀасакхуьссура тхо.
16 Кавда цӀе йолчу жимачу гӀайре тӀе, мох кӀезиг
болчу агӀорхьа, даьхьира тхан кема, цигахь дукха
хала дӀатесира оха пийсакаш хьокху жима кема.
17 Иза, хьала а даьккхина, стаммий машшашца дӀа
а доьхкуш, хӀордкема чӀагӀдира оха. Хинан
кӀоргалла жима йолчохь, Суьрти цӀе йолчу
меттигехь бохам хиларна кхоьруш, кеманан гата
охьа а дахийтина, хӀорда тӀехула дӀахецаделира
тхо. 18 ШолгӀачу дийнахь хӀорд чӀогӀа
ловзабаларна, кеманна тӀера кира хи чу кхосса
долийра. 19 Ткъа кхозлагӀчу дийнахь хӀордкеманан
цхьа боккха гӀирс чукхоьссира кеманхоша шайн
куьйгашца. 20 Масийтта дийнахь я малх, я седарчий
гучу ца довлура, ткъа хӀордан ловзабалар дӀатуьйш
дацара. Тхо кӀелхьардевр ду аьлла йолу муьлхха а
сатуьйсийла дӀаяьллера.
21 Дукха хан яра цхьаммо а хӀума яаза. ТӀаккха
ПахӀала, хьала а гӀаьттина, элира: «Нах, шу соьга ла
а доьгӀна, Крит-гӀайре тӀехь севцнехь, хӀара зенаш
а лан дезар дацара, хӀумма а дӀакхосса езар яцара
вайн. 22 ХӀинца собаре хиларе кхойкху ас шуьга,
хӀунда аьлча шух цхьа а лийр вац, кема бен
хӀаллакьхир дац. 23 Сийсара буса со Шен волу а, ас
Шена гӀуллакх дечу а Делан *малик* деара суна тӀе.
24 Цо элира: „Кхера ма лолахь, ПахӀал! Хьо Рим-
мехкан паччахьна хьалха хӀотта дезаш ву, Дала
хьан доӀанна жоп делла, цундела хьо а, хьоьца
керманна тӀехь берш а дийна буьсур бу“. 25 Цундела
доха ма дохалаш, доттагӀий, со теша, Дала сайга
ма-аллара, вайца дерг хирг хиларх. 26 Амма вай
билггала цхьаьна гӀайре тӀе охьакхуьссур ду».
27 ЕйтталгӀа буьйса тӀекхаьчча, тхо Адира цӀе
йолчу хӀорда тӀехула хьош дара. Буьйса юккъе
яхача, хӀордкеманхошна уллохь латта хааделира.
28 Хин кӀоргалла юьстича, ткъа *сажа* юьйла хиира.
Юха жимма дехьадевлла юьстича, пхийтта сажа
карийра. 29 Хин бухулара тӀулгаш тӀе кхетарна
кхоьруш, кема сацош, тӀехьара йиъ кема сацориг
хи чу а кхоьссина, де тӀекхачаре сатуьйсуш Ӏара
уьш. 30 Ткъа кеманхой, жима кема хи чу охьа а
хецна, кеманан буьххьера кема сацориг
чукхуссучуха, бовда гӀоьртира. 31 Амма ПахӀала
элира тӀеман хьаькаме а, тӀемалошка а: «Нагахь
уьш кеманна тӀехь ца совцахь, шу а кӀелхьардевр
дац». 32 ТӀаккха тӀемалоша, жима кема дӀатесна
долу машшаш а хедийна, иза чудожийра.
33 Сахуьлучу хенахь ПахӀала дехар дира массаьрга
а, хӀума яахьара аьлла: «Тахана дейтталгӀа де ду
вай сатийсамехь долу, аша цу ерриге а хенахь
хӀума ца йиъна. 34 Цундела доьху шуьга хӀума яа,
хӀунда аьлча иза шуна дахар лардан оьшу. Шу
цхьаннен а коьрта тӀера чо а бужур бац».
35 Иза а аьлла, бепиг, схьа а эцна, массарна а
хьалха Далла хастам а бина, декъа а декъна, даа
хӀоьттира ПахӀал. 36 ТӀаккха массара а, дог
иракарахӀоьттина, хӀума йиира. 37 Верриг а
хӀордкеманна тӀехь ши бӀе кхузткъе ялхитта стаг
вара. 38 Тоъал хӀума а йиъна, кема дисина долчу
киранах паргӀатдаккха хӀиттира уьш, кӀа хӀорда чу а
кхуьссуш.

## Кема дохар

39 Ӏуьйре тӀекхаьчча, царна латта ца девзира,
амма гӀамаран легӀана берд гира. Аьтто балахь
берда тӀедовла барт хилира церан. 40 Кема сацорех,
уьш хӀорда чу дӀа а хецна, паргӀат а девлла,
кеманан тӀам бихкина машшаш а хедийна,
буьххьера жима гата махаца а нисдина, бердехьа
бахара уьш. 41 Амма гӀамарла а дахана, меттах а ца
далалуш дисира хӀордкема, ткъа цуьнан тӀехье
ондачу тулгӀенаша йохош яра.
42 Тутмакхаш неканца ца бовдийта байа дог
хилира тӀемалойн. 43 Амма ПахӀал ца вейтархьама
тӀеман хьаькамо совцийра уьш. Цо омра дира,
нека хууш берш, чу а лелхий, льатта тӀе кхача
аьлла. 44 Ткъа вукхаьрга, карадеана у я кхин йолу
хӀума схьа а лоцуш, берда тӀе гӀо элира.
Иштта, цхьанна а зе ца хуьлуш, массо а берда тӀе
хьалавелира.

### Мелита-гIайре тIехь сацар

28 Берда тIехь кIелхьардевлча, тхуна хиира
гIайренан цIе Мелита юйла. 2 Цигарчу
бахархоша чIогIа дика тIеийцира тхо. ДогIа а
деана, шелъелча, цIе а латийна, цунна улло
дохдала тIекхайкхира цара тхоьга. 3 ПахIала цхьа
цIов чIийш гулдира. Цо уьш цIерга кхиссича,
йовхонах бедда лаьхьа, цунна це а тоьхна, куьйгах
хьаьрчира. 4 ПахIалан куьйгах кхозу и лаьхьа гича,
цигарчу наха вовшашка элира: «Цу стага, билггала,
цхьаъ вийна. ХIорда чохь иза ца веллехь а, хIинца
Делан кхелаца дийна вуьсур вац иза». 5 Амма
ПахIална цхьа а тайпа лазош хIума ца хааделира,
цо лаьхьа цIерга ластийра. 6 Царна моьттура, я
цуьнан куьг дестар ду, я иза цIеххьана велла
охьавужур ву. Уьш бехха Iийра цуьнга хьоьжуш,
амма ПахIална хIумма а ца хилира. ТIаккха шайн
ойла хийцира цара, иза цхьа Дела ву аьлла.
7 Цу меттигна гена боццуш Палаби цIе йолуш
волчу гIайренан хьаькаман бахам бара. Тхо ша
волчу а кхайкхина, кхаа дийнахь тхуна хьошалла
лелош, комаьрша хIусамда хилира иза. 8 Палабин
да, дагар а деана, гай а лозуш, меттахь Iуьллуш
вара. Цуьнга хьажа ваханчу ПахIала, доIа а дина,
цомгушниг товира, тIе куьйгаш а дехкина. 9 И
хиллачул тIаьхьа гIайре тIера бисина болу цомгуш
нах а богIура. Царна а дарба дора ПахIала. 10 ГIайре
тIера бахархоша чIогIа ларам бира тхан. Тхо
дIадаха кечлуш, цара тхуна дерриг а оьшург деара.

### Мелитера Риме бина некъ

11 Цигахь кхо бутт баьккхинчул тIаьхьа, цу гIайре
тIехь Iа доккхуш хиллачу, шех Диоскураш [†] олучу
Искандар-гIалара догIучу хIордкеманна тIехь
дIадахара тхо. 12 СуьракIоз-гIала а кхаьчна, цигахь
кхо де даьккхира оха. 13 Цигара дIадахча, Риги
олучу гIала кхечира тхо. Цхьа де даьлча, къилбера
мох хьаьккхира. ШолгIачу дийнахь тхо Путола-гIала
кхечира. 14 Цигахь динан вежарий а карийна,
церан дехарца кIира даьккхира оха цаьрца. Цул
тIаьхьа тхо Рим-гIала даьхкира. 15 Цигара динан
вежарий, тхо догIу аьлла хезна, Аппи цIе йолчу
майданахь а, хьешан кхо цIенош долчохь а
дуьхьалбаьхкира тхуна. Уьш гича, Далла хастам а
бина, дог иракарахIоьттира ПахIалан.

### ПахIала Римехь хьехам бо

16 Римехь ПахIална къаьстина Iе бакъо елира,
амма тIемалочо ларвеш вара иза. 17 Кхин кхо де
даьлча, жуьгташна юкъара куьйгалхой гулбира цо.
Уьш схьабаьхкича, ПахIала элира цаьрга:
«Вежарий! Вайн халкъана а, цуьнан гIиллакхашна
а дуьхьал ас хIумма а ца диннашехь,
Ярушалаймехь, схьа а лаьцна, римхошка дIавелира
со. 18 Цара, барт а хаьттина, вел бахьана соьгара ца
даьллий хиъча, со дIахеца сацам бира. 19 [††]Жуьгтий
дуьхьал бара цу сацамна, цундела Рим-мехкан
паччахье кхел е аьлла, дехар дан дийзира сан.
Амма ас цхьана а хIуманна тIехь бехке ца до сайн
халкъ. 20 Цундела лиъннера суна шу ган а, шух
дагавала а, хIунда аьлча Исраилан халкъан
сатийсам кхочушхиларх со тешарна тоьхна суна
хIара гIоьмаш».
21 Цара элира ПахIале: «ЯхIуд-махкара хьох
лаьцна цхьа а кехат ца кхаьчна тхоьга. Цигара
баьхкинчу вайн вежарех цхьаммо а хьох хаам а ца
бина, я воних а ца аьлла хьох лаьцна. 22 Амма тхуна
хьоьгара хаа лаьара хьуна хетарг, хIунда аьлча цу
динан тобанах лаьцна массанхьа а дукха
къийсамаш бу бохуш, хезнера тхуна».
23 Цара цхьа де билгалдаьккхира. Дуккха а
жуьгтий баьхкира ПахIал сецначу цIийне.
Iуьйранна дIаволалой, сарралц дуьйцура цо царна
Делан Олаллех лаьцна, ша Iийсах лаьцна аьлларг
бакъ хилар тешо гIерташ, Муса-пайхамаран
хьехамаш тIера а, пайхамарша дIаяздинчунна
тIера а тоьшаллаш а далош. 24 Цхьаберш тешара цо
дуьйцучух, вукхарна и бакъ ца хетара. 25 Вовшийн
юкъахь барт а ца хилла, уьш дIабаха гIерташ болчу
хенахь, ПахIала элира хIара тIаьххьара дешнаш:
«Бакъдерг аьлла Делан Сино ЕшаI-ЯхIу-
пайхамарехула шун дайшка:
26 [‡]„Цу халкъана тIе а гIой, ала цаьрга:
Шайн лергашца ладугIур ду аш, амма кхетар дац
шу,
шайн бIаьргашца хьоьжур ду шу, амма маьIна
къастор дац аша.
27 ХIунда аьлча дегнаш чIагIделла цу адамийн,
лергашца халла хеза царна, бIаьргаш а къевлина
ду церан.
Цундела бIаьргашца ца гуш, лергашца ца хезаш,
дегнашца ца кхеташ бу уьш.
Суна тIебирзича, Ас дарба дийр дара царна“».
28 «ДIахоуьйла шуна, Дала кIелхьардовларх болу
Шен кхаъ кхечу къаьмнийн нахана хаийтина:
царна хезар ду» [‡†].
30 Дийнна шина шарахь ша мах лучу цIенош чохь
Iийра ПахIал. ПахIала шена тIебаьхкинарш берриш
а тIеоьцура. 31 Дуьхьало йоцуш а, майрра а *Делан
Олалла* а кхайкхош, Дала леррина къобалвинчу
Везачу Элах Iийсах лаьцна хьехам бора цо.

---

† *Диоскураш *– Зевс-цIунан шала вина ши кIант.**

†† *28:19: Векалийн 25:11.* ‡ *28:26, 27: ЕшаI-ЯхIу 6:9, 10 (Грекийн).* ‡† *Цхьадолчу тIаьхьарчу тептарш тIехь 29-гIа аят тIетоьхна ду: *Цо и аьлча, чIогIа къийса а къуьйсуш, дIабахара жуьгтий.**

# Римхошка

### Дешхьалхе

Рим-гIалахь йолчу динан тобанна тIе ПахIална лууш болу некъ кечбархьама, яздина хилла. Иза дагахь вара цигахь болчу Iийсан нахана юкъахь къахьоьгуш хан яккха а, ткъа цул тIаьхьа Испани-махка ваха новкъа вала а. Цо яздора, Iийсах тешаран динах а, цунах схьадолу Iийсан нехан лела дезарх а ша муха кхета дийцархьама. ХIокху тептар тIехь ПахIала кхайкхочу кхоан уггар кхоччуш болу хьехам бу.

Рим-гIалахь йолчу динан тобанан нахе маршаллаш дIа а делла, царна тIера ша дечу доIанех лаьцна а дийцина, кехатан коьртачу ойланах лаьцна ПахIала иштта дуьйцу: «Оцу хазачу кхоо гойту, адамаш Дала бакъ муха до. И бакъдар, юьххьера дуьйна чаккхенга кхаччалц, тешарехула ду» (Римхошка 1:17).

ТIаккха ПахIала оцу ойланах лаьцна кхидIа а дуьйцу. Массо а нах, жуьгтий я кхечу къаьмнех уьш белахь а, Далла хьалха бакъбан безаш бу, хIунда аьлча уьш берриш а цхьатерра къинан олаллехь бу. Iийсах тешарехула бен, нах Далла хьалха бакъ ца бо. Цул тIаьхьа ПахIала дуьйцу Iийсах тешаш волчун керлачу дахарх лаьцна. И дахар Дала леррина Къобалвинчуьнца йолчу керлачу тIекаренера схьадолу. Iийсах тешарг Делаца машар болуш ву, ткъа Делан Сино иза къинан а, Iожаллин а олаллех паргIатваьккхина ву. ПхоьалгIачу коьрта тIера борхIалгIачунна тIекхаччалц ПахIала хьоьху кхин а шина хIуманах лаьцна: товрат-хьехаман Iалашонах а, Iийсах тешачун дахарехь болчу Делан Синан ницкъах а. Цул тIаьхьа векало ПахIала цхьана дезачу хаттарна тIе йохуьйту шен ойланаш: массо а нахана йолчу Делан Iалашонна чу жуьгтий а, кхечу къаьмнех берш а муха богIу? Цо иштта жамI до: жуьгташа Iийса дIатасар Делан Iалашонна чудогIу, хIунда аьлча и Iалашо ю массо а нах Дала леррина къобалвинчу Iийсагахула луш долчу Делан диканна гергабалор. Цул сов, иза тешна ву, жуьгташа Iийса дIатасар даиманна а цахиларх. Чаккхенехь ПахIала яздо, Iийсах тешачун дахар муха хила деза аьлла. Кхечуьнца йолчу юкъаметтигехь вовшашка болу безам къаьсттина хила беза. КхидIа цо дуьйцу иштташу хIуманех лаьцна: Далла гIуллакх дар, Iийсан нах Iедална а, вовшашна а декхарийлахь хилар, иштта эхь-бехкаца доьзна долу хаттар. Кехат дерзош, цо тайп-тайпана маршаллаш а ло, Дела хаставаран дешнаш а яздо.

1 Дала леррина къобалвинчу Iийсан лай волчу,
Цуьнан *векал* хила Дала тIекхайкхина волчу,
адамашна *хаза кхаъ* дIакхайкхабайтархьама Дала
къастийна волчу аса, ПахIала, яздо хIара кехат.
2 Дала и хаза кхаъ пайхамаршкахула Шен дезачу
Йозанашкахь боуьйтур бу аьлла дара. 3 И хаза кхаъ
Делан КIантах лаьцна бу, ткъа Иза, Цуьнан адаман
сибате хьаьжжина, Даудан хIух схьаваьлла ву.
4 Цуьнан синан а, Делан а сибате хьаьжжина,
сийлахьчу ницкъаца Иза, Делан КIант ву аьлла,
гучуваьккхина вара, Иза веллачуьра денвелла
дела. И Делан КIант – вайн Веза Эла, Дала леррина
къобалвина Iийса ву. 5 Цуьнгахула кхечира суна
векал хила аьлла долу совгIат, Цуьнан дуьхьа кхин
мел долчу къаьмнех болу нах Делах тешийта а,
Цунна муьтIахь хилийта а. 6 Шу а ду, римхой, Дала
леррина къобалвинчу Iийсан долахь хила
тIекхайкхинчарна юкъахь.
7 Рим-гIалахь бехаш болчу Далла безначаьрга,
Цуьнан долахь хила къастийначаьрга массаьрга а
яздо аса:
Вайн Да волчу Делера а, Веза Эла волчу Дала
леррина къобалвинчу Iийсагара а долу доккха дика
а, синпаргIато а хуьлда шуна.

### Хастамаш баран доIа

8 Уггар а хьалха шуна массарна а тIера Дала
леррина къобалвинчу Iийсагахула Далла хастамаш
бо аса, хIунда аьлча дуьнен тIехь массанхьа а
дуьйцуш ду шун тешарх лаьцна. 9 Сайн
доIанашкахь шух лаьцна даим ас доьхуш хиларан
сан теш Дела ву, ас Шена даггара, Цуьнан КIантах
лаьцна болу хаза кхаъ кхайкхош, гIуллакх деш
волу. 10 Сайн доIанашкахь даим доьху аса Деле Шен
лаамца шу долчу кхача сан аьтто бар, 11 хIунда
аьлча суна чIогIа шу ган лаьа, Делан Сино луш
долу дика шуьца декъархьама а, цуьнгахула
тешарехь шу чIагIдархьама а. 12 И бохург хIара ду:
вай вешан тешарехула вовшийн иракарахIиттор
ду: сан тешаро шу иракарахIиттор ду, ткъа шун
тешаро – со.

13 †Динан вежарий! Шуьга дIахаийта лаьа суна:
дукхазза а шу долчу ван кечвеллера со, амма, хIара
хан тIекхаччалц, и дан сан аьтто ца болура. Кхечу
къаьмнех болчу вукху нахана юкъахь санна, шу
долчохь а стом кхио лаьара суна. 14 Массо а
къаьмнашна: грекахошна а, грекахой боцучарна а
– дешна болчарна а, боцучарна а – декхарийлахь
ву со. 15 Цундела ву со шуна а, Рим-гIалахь дехарш,
хаза кхаъ дIакхайкхо кийча.

### Хазачу кхоан ницкъ

16 ††Суна эхь ца хета хаза кхаъ дIакхайкхо, хIунда
аьлча и кхаъ Делан ницкъ бу Iийсах мел тешарг
кIелхьарваккха – хьалха жуьгтий, тIаьхьа кхечу
къаьмнех болу нах а. 17 ‡Оцу хазачу кхоо гойту,
адамаш Дала бакъ муха до. И бакъдар, юьххьера
дуьйна чаккхенга кхаччалц, тешарехула ду. Делан
Йозанашкахь яздина ма-хиллара: «Делах тешарца
бакъвинарг Далла уллохь вехар ву ‡†».

### Массо а адамашна тIехь къинош ду

18 Харцонаш а лелош, билггал долу бакъдерг
къайладоккхуш болчу нехан Iесаллина а,
харцдолчунна а тIе стигалшкара Делан оьгIазло
гучуйоккхуш ю. 19 Иза иштта ду, хIунда аьлча Делах
лаьцна хаа тарлуш дерг массарна а хууш ма ду,
Дала Ша иза царна хаийтина дела. 20 ХIунда аьлча,
гуш а боцуш, ткъа даим болуш болу Делан ницкъ а,
Цуьнан Дела хилар а гуш ду, Дала дуьне
кхоьллинчу хенахь дуьйна. Массо а кхоьллинчу
хIуманах церан кхета таро ю, цундела оцу адамийн
бехказадовлийла яц Дела царна ца вовзарна.
21 ‡‡ХIунда аьлча шайна Дела вевззашехь, оцу
адамаша хьакъ мадду сий а ца дора Делан, Цунна
хастамаш а ца бора. И даран метта адамаш эрначу
ойланашкахьа дирзинера, кхетам боцу церан
дегнаш Iаржделлера. 22 Шаьш хьекъал долуш ду а
бохуш, уьш сонта бовлуш бара. 23 ‡‡†Цкъа а лийр
воцучу Делан сийлалла цара хийцира цIушна
Iамалъярх. И цIуш лийр долчу адамийн а,
хьозанийн а, дийнатийн а, текхаргийн а куьцехь
бара. 24 Цундела и адамаш шайн дегнийн хьарамчу
лаамийн карахь дитира Дала, ткъа цара вовшашца
сийсаза а лелаш, къиношца шайн догIмаш
бехдира. 25 Делах лаьцна долу бакъдерг харцдолчух
а хийцина, Дала кхоьллинчу хIуманашна Iибадат
дора цара, шаьш Кхоьллинчунна Iибадат даран
метта. Ткъа Цунна даим бу хастам, *амин*!
26 Цундела Дала эхье болчу, боьхачу лаамийн
карахь битина уьш. Зударша шайн хила еза
юкъаметтиг, вовшашца сийсаза а лелаш, хила ца
еззачу тайпана йинера. 27 Божарий а, зударшца
хила езачу юкъаметтиган метта, вовшашка эхье
болчу лаамех буьзнера. Эхь-бехк а дайна, уьш
вовшашца лелара. Иштта леларца шайн догIмаш
къинойх дузура цара. Шайн тилабаларца хьакъ
доллу Делан оьгIазло шайн коьрта тIе йоуьйтура
цара.
28 Дела вовзар царна мехала хIума ца хетта дела,
Цо уьш тиладеллачу хьекъалан долахь битина.
Иштта лело цадезарг леладо цара. 29 Массо а
тайпана зуламех а, мекараллех а, бIаьрмецигаллех
а, вочух а буьзна бу уьш. Иштта хьогIах а, адамаш
дайа лаарх а, эмгараллах а, ямартлонах а,
луьраллах а буьзна бу уьш. Цара эладитанаш
леладо. 30 Вовшашна мотт бетта цара. Дела ца веза
царна. КIоршаме а, кураллех буьзна а, дозаллаш
деш а, зулам дар лоьхуш а, шайн дай-наношка ла
ца дугIу цара. 31 Хьекъал долуш бац уьш. Тешаме а
бац уьш, эсала а, къинхетаме а бац. 32 Иштталиг
лелораш хIаллакьхила хьакъ долуш буйла шайна
хуъушехь, шаьш иштта лелла а ца Iаш, цара
иштталиг деш болу кхиберш а бакъбо.

### Делан кхел

2 ‡‡‡Амма кхечунна бехк буьллуш волчу хьан
бехказаволийла дац, хIунда аьлча кхечунна еш
йолу кхел ахь хьайна йо, кхиверг бехке веш волчу
ахьа а изза леладо дела. 2 Ткъа вайна хаьа, иштта
гIуллакхаш дечарна Дала еш йолу кхел нийса юйла.
3 Иштта гIуллакхаш дечарна кхел а еш, ткъа айхьа
изза а лелош, Делан кхелах хьо кIелхьарвер ву-м
ца моьтту хьуна, ва стаг? 4 Я Делан шортта долчу
диканах, эсалаллах, собарх ца веша те хьо? Ца
кхета те хьо Шен диканца Дела хьо Шена тIеверзо
гIерташ хиларх? 5 Амма хьайн юхахьарачу амалца
а, дохко ца долучу дагца а ахьа-айхьа хьайна
таIзарш гулдо Делан оьгIазло а, Цуьнан бакъйолу
кхел а гучуйоккхучу денна. 6 §Дала хIоранна а,
цуьнан гIуллакхашка хьаьжжина, йийр ю кхел.
7 Дика гIуллакхаш а деш, сийлалла а, ларам а, хедар
доцу дахар а лоьхучарна Ша волчохь долу хедар
доцу дахар лур ду Цо. 8 Ткъа дегала а болуш,
билггал бакъдерг дIа а тоттуш, харцдолчунна
тIаьхьахIуьттучарна Делан луьралла а, оьгIазло а
хир ю. 9 Зулам деш волчу хIоранна а гIайгIанаш а,
баланаш а хир бу, цкъа хьалха жуьгташна, тIаккха
кхечу къаьмнех болчарна! 10 Мелхо а, сийлалла а,
ларам а, синпаргIато а хир ду дика деш волчу
хIоранна а, цкъа хьалха жуьгташна, тIаккха кхечу
къаьмнех болчарна! 11 §†ХIунда аьлча Дала
озабезам ца бо цхьаьнгге а.
12 Товрат-хьехамийн долахь а боцуш, къинош
латийнарш, оцу хьехамашка а ца хьоьжуш,
хIаллакбийр бу. Ткъа хьехамийн долахь шаьш
боллушехь, къинош летийначарна оцу
хьехамашца йоггIу кхел йийр ю. 13 ХIунда аьлча
товрат-хьехамашка ладегIарх нах Далла хьалха
бакъ ца бо, ткъа и хьехамаш кхочушбийраш Цунна
хьалха бакъбийр бу. 14 Ткъа товрат-хьехамаш

† 1:13 Векалийн 19:21. †† 1:16 Марк 8:38. ‡ 1:17 Хьабукъа 2:4. ‡† *Я иштта: *Делан лаамехь верг Цунах тешарца вехар ву.** ‡‡ 1:21 Эпасхошка 4:17, 18. ‡‡† 1:23 Карлабаьkkхинарг 4:16-18.

‡‡‡ 2:1 Маттай 7:1; Лака 6:37. § 2:6 Забур 61:13; Кицанаш 24:12. §† 2:11 Карлабаьkkхинарг 10:17.

боцуш болчу кхечу къаьмнех болчара шайн
лаамашца товрат-хьехамо тIедиллинарг
кхочушдича, цара шаьш гойту, магийнарг а,
цамагийнарг а хIун ду шайна хаар, товрат-
хьехамаш шайн боццушехь а. [15] Оцу хьехамашка
хьаьжжина лелар шайн дегнаш чохь дIаяздина
хилар гойту цара. Цунах ласьцна тоьшалла до церан
дегнаша. Церан ойланаша уьш цкъа бехке бо, юха
бехказабоху. [16] Иза иштта хир ду, аса кхайкхош
болчу хазачу кхоо ма-бохху, адамийн къайлахчу
ойланашна Дала Ша леррина къобалвинчу
Iийсагахула кхел ечу дийнахь.

### Жуьгтий а, товрат-хьехамаш а

[17] Ткъа хIинца ша жуьгти ву бохучу хьох ласьцна
хIун ала дезаш ду? Хьан дегайовхо ю товрат-
хьехамех, Делах дозалла а до ахьа. [18] Делан лаам а
бевза хьуна, ткъа товрат-хьехамашна тIера
Iамийна дела, дика долчух а кхета хьо. [19] БIаьрса
доцучарна некъ гойтург хьо хиларх а теша хьо,
боданехь болчарна хьайх серло яларх а теша хьо.
[20] Кхетам боцучарна хьехамаш бо ахь, берийн
хьехархо а хьо ву, хIунда аьлча товрат-
хьехамашкахь билггал бакъдерг хааран кеп хьуна
дIахIоьттира. [21] Кхечарна хьехамаш беш волчу ахьа
хьо Iамавой те? ХIума ма лачкъае а бохуш, ткъа
айхьа лечкъайой те ахьа? [22] Сийсаза ма лела а
бохуш, хьо-хьо иштта лелий те? ЦIуйх ца вешаш
волчу ахьа харцделанийн цIенош чохь айхьа
къола дой те? [23] Товрат-хьехамех дозалла а деш,
ткъа хьехамашца цадогIург кхочуш а деш, Делан
сий дойий те ахьа? [24] †Яздина ма ду: «Шу бахьана
долуш, емалвеш ву Дела кхечу къаьмнех болчу
наха».
[25] Сунтвина хилар пайденна ду, нагахь санна
товрат-хьехамаш кхочушбеш белахь. Амма
бакъонаш лар а ца еш, хьо зуламхо велахь, хьо
сунт ца винарг санна лорур ву. [26] Цундела, нагахь
санна сунтвина воцучо товрат-хьехамаша
тIедиллинарг кхочушдеш хилча, иза сунтвича
санна лорийла дац ткъа? [27] Ша вичхьана а
сунтвина воццушехь, товрат-хьехамаш кхочушбеш
волчо бехке вийр вац ткъа хьо, сунтвина
воллушехь, язйина йолу бакъонаш талхош верг?
[28] ТIехьаьжча, тера леларх жуьгти хир ма вац, ткъа
сунтвар дилхан тIера чкъор даккхар бен ма ца
хуьлу. [29] ††Бакъволу «жуьгти» (Делан халкъах верг)
шен даг чохь жуьгти верг ву. Иштта сунтвар –
йозанца ван веза аьлла дела а доцуш, ткъа даг
чохь Делан Синехула сунтвар ду. Цунна,
адамашкара а боцуш, Делера хастам хир бу.

### Делан тешаме хилар

[3] Жуьгти хилар гIолехь хIунда ду, я сунтварх
хIун пайда хуьлу? [2] Иза массо а агIор гIолехь
ду, ткъа уггар а дика дерг Делан дош царна
Iалашдан делла хилар ду. [3] Ткъа и хIун ду? Нагахь
санна цхьаберш тешаме ца хиллехь, церан тешам
цахиларо дойур-м дац те Делан тешаме хилар?
[4] ‡Дера дац! Дела тешаме ву, ткъа муьлхха а адам
харцлуьйш ду. Яздина ма ду:
«Айхьа дуьйцучохь Хьо нийса а ву,
кхел ярехь Хьо тоьлур а ву».
[5] Нагахь вайн харцлеро Делан бакъхилар
дIадоьллуш хилча, хIун ала вай? Дела нийса вуй те,
бохур ду вай, Цо Шен таIзар вайна дича? (Аса-м
адаман ойланца боху иштта.) [6] Дера дац! Иза иштта
хилча, дуьнен чуьра массо а адамашна Дала кхел
ян муха тарло?
[7] Нагахь санна сан тешаме цахиларо Делан
тешаме хилар лакхадоккхуш хилча, нагахь санна
Делан сийлалла иштта алсамдолуш хилча, хIета
къинош летийначунна санна Дала суна кхел хIинца
а хIунда ян еза? [8] Иза иштта делахь: «Диканиг
далийтархьама, зуламаш дей вай» хIунда олийла
дац ткъа? Вай иштта хьехамаш бо бохуш,
цхьаболчара меттанаш детта вайна. Ишттачарна
Дала нийса кхел йина.

### Цхьа а Делан лаамехь вац

[9] ТIаккха? Дуй те вай царал тоьлуш? Данне а дац,
хIунда аьлча ас дIагайтина жуьгтий а, кхечу
къаьмнех берш а къинан долахь хилар. [10] ‡†Яздина
ма ду:
«Далла хьалха цхьа а бакъ вац.
[11] Цхьа а кхетам болуш а вац,
цхьа а Дела лоьхуш а вац.
[12] Массо а адамаш Делах дIадирзина,
берриш а галбевлла бу.
Цхьа а диканиг дийриг вац,
ур-атталла цхьаъ-м вац.
[13] ‡‡Церан къамкъаргаш дIаделладелла кешнаш
санна ю.
Шайн меттанашца нах лебо цара.
Лаьхьарчийн дIовш ду церан багахь.
[14] ‡‡†Церан баганаш сардамех а, стимах а юьзна ю.
[15] ‡‡‡ЦIий Iано уьш сиха арабовлу.
[16] Цара шаьш баханчохь бохам а бо, хIаллакдар а
дахьа.
[17] Машаран некъ ца бевза царна.
[18] §Церан бIаьргаш чохь Делах кхерар дац».
[19] Ткъа хIинца вайна хаьа, товрат-хьехамаша
хьоьхург хьехамийн долахь болчарна а дуйла.
Цундела цхьаннан а бехказаволийла дац: массо а
адамаш – жуьгтий я кхечу къаьмнех уьш белахь,
Далла хьалха бехке хуьлу. [20] §†Товрат-хьехамаш
кхочушбарх, Далла хьалха цхьа а бехказавер вац.

† 2:24 *ЕшаI-ЯхIу 52:5 (Грекийн).* †† 2:29 *Карлабаьккхинарг 30:6.*

‡ 3:4 *Забур 50:6 (Грекийн).* ‡† 3:10-12 *Забур 13:1-3 (Грекийн); Забур 52:2-4 (Грекийн).* ‡‡ 3:13 *а: Забур 5:10 (Грекийн); 6: Забур 139:4.* ‡‡† 3:14 *Забур 9:28 (Грекийн).* ‡‡‡ 3:15-17 *ЕшаI-ЯхIу 59:7, 8.* § 3:18 *Забур 35:2.* §† 3:20 *Забур 142:2; Галатахошка 2:16.*

Оцу хьехамашкахула адамаш шаьш къинош
хиларх кхета.

### Тешарца бакъдар

21 Ткъа хIинца гучудаьккхина Далла хьалха
адамаш бакъдар муха магийна. Иза товрат-
хьехамашца доьзна дац. Цунах лаьцна тоьшалла
до товрат-хьехамаша а, пайхамарша а. 22 †Дала
леррина къобалвинчу Iийсах тешарехула нах Шена
хьалха бакъбо Дала. Iийсах тешачарна массарна а
ло Дала и бакъдар. Царна юкъахь башхо яц,
23 хIунда аьлча массара а къинош а летийна, массо
а Делан сийлаллех дIакъастийна а ву. 24 Шен
диканца уьш массо а Дала Шена хьалха маьхза
бакъбо, Цо леррина къобалвинчу Iийсас нах
къинойн олаллех паргIатбахар бахьана долуш.
25 Къинойн гIуда такхаран сагIина Iийса дIавелира
Дала. Iийсах а тешна, Цуьнан валар бахьана долуш,
вайн къинойн гIуда текхна ду. Дала иза иштта
къобалдира, хьалха летийна къинош Шен собарца
таIзар ца деш а дуьтуш, Ша бакъ хилар
гайтархьама. ХIинца йолчу заманахь а Ша бакъ
хилар гойту Дала, Iийсах мел тешарг Шена хьалха
бакъварца.
27 Стенах дозалла дойла ду стеган? Цхьана а
хIуманах дац! Делахь хIун бахьана долуш Далла
хьалха бакъво стаг? Товрат-хьехамаш кхочушбар
бахьанехь бакъво те стаг Далла хьалха? Дера ца во!
Iийсах тешарехула бен бакъ ца во! 28 Иштта, оха
жамI до: адам Далла хьалха бакъдар цуьнан
тешарехула бен дац, ткъа товрат-хьехамаш
кхочушбарехула иза ца хуьлу. 29 Ткъа Дела кхечу
къаьмнех болчу нехан а воцуш, беккъа жуьгтийн
Дела ву те? Вац дера, Иза кхечу къаьмнех болчу
нехан а Дела ву. 30 ††Дела цхьаъ бен вац. Адамийн
тешарехула Цо сунтбинарш Шена хьалха бакъбо,
ткъа оццу тешарехула Цо сунтбаза берш а бакъбо
Шена хьалха. 31 ТIаккха Iийсах тешарна товрат-
хьехамаш дIабохий те вай? Дера ца боху. Мелхо а,
вай уьш тIечIагIбо.

### ИбрахIиман масал

4 Вайн дайн да волчу ИбрахIимах лаьцна хIун
эр дара вай? Далла хьалха нах бакъбарх хIун
Iемина цунна? 2 Ша дина гIуллакхаш бахьана
долуш, ИбрахIим Далла хьалха бакъвина
хиллехьара, цуьнан дозалла дан йиш хир яра.
Делахь а Далла хьалха дозалла дан йиш яцара
цуьнан. 3 ‡Ткъа Делан Йозанаша хIун боху?
«ИбрахIим тийшира Делах, цундела Цо иза Шена
хьалха бакъвина лерира». 4 Болх бечунна луш дерг,
цунах къинхетам бар ца лоруш, цунна дIадала
леринарг санна дIало. 5 Нагахь санна Далла хьалха
ша бакъвина хилархьама стага дика гIуллакхаш ца
дахь а, ткъа Iеса нах бакъбечу Делах иза тешаш
велахь, Дала иза Шена хьалха бакъвийр ву, цуьнан
тешар бахьана долуш. 6 Иштта динчу дика
гIуллакхашца доьзна а доцуш, Дала Шена хьалха
бакъвина лоручу стагах Дауд-паччахьо а декъала
волу стаг олура:
7 ‡†«Декъала бу Дала гечдина а,
къинош Цо дIадаьхна а берш.
8 Декъала бу Везачу Эло церан къинош цкъа а
царна дуьхьал ца лоруш берш».
9 Ткъа и декъалалла сунтбиначарна бен ца хуьлу
теша? ХIан-хIа, иза кхечу къаьмнех болчарна а ду,
уьш сунтбаза белахь а. Вай олуш ма-дарра,
ИбрахIим Делах тешарна, Цунна хьалха бакъвина
лерина. 10 Маца хилла иза? Иза сунтвале лерина я
сунтвиначул тIаьхьа лерина? Сунтвинчул тIаьхьа а
доцуш, иза сунтвале бакъвина лерина. 11 ‡‡Ткъа и
сунтвар цунна билгалонна дина дара, шен
тешарехула Дала иза Шена хьалха бакъвина
лерина гойтуш. Ткъа иза сунтвале хьалха Дала
Шена хьалха бакъвина леринера. Иштта иза
сунтбаза болчарах массо а тешачеран да хилла
дIахIоьттира. Церан тешар бахьана долуш Дала
уьш Шена хьалха бакъбина лору. 12 Иштта,
ИбрахIим вукху тобанан а да хилла дIахIоьттина.
Сунтдар тIеэцна хилла а ца Iаш, вайн да волчу
ИбрахIиман сунтвале дуьйна долчу тешаран
ларашца лела массо а сунтбинарш цу тобанна
юкъабогIу.
13 ‡‡†ИбрахIиман а, цуьнан тIаьхьенан а карахь
хир ду дуьне, аьллера Дала. ИбрахIима товрат-
хьехамаш кхочушбо дела, аьлла дацара иза, ткъа
Дала иза, цуьнан тешар бахьана долуш, Шена
хьалха бакъвина лерина хиларна аьлла дара.
14 ‡‡‡Нагахь санна лур ду аьлларг товрат-хьехамаш
кхочушбечарна догIуш хилча, Делах тешар а
мехала хир дацара, лур ду аьлларг эрна а хир дара.
15 Товрат-хьехамаша, уьш кхочуш ца бича, Делан
оьгIазло хуьлуьйту. Ткъа бакъонаш ца хиллехьара,
бакъонаш йохор а нислур дацара.
16 §Ткъа и лур ду аьлларг тешарна ло, Дала вайна
маьхза ло диканиг иза долу дела. ИбрахIиман
массо а тIаьхьенна, чIагIо а еш, ло иза. Товрат-
хьехамаш кхочушбеш болчу тешачарна бен а
доцуш, амма ИбрахIиман тешарца кхечу къаьмнех
болчу тешачарна а ло иза. ИбрахIим вайн массо а
тешаш болчеран да ма ву, 17 §†Делан Йозанаш тIехь
яздина ма-хиллара: «Аса хьо дукххачу а къаьмнийн
да вина». ИбрахIим вайн да хилира ша тешна
волчу а, белларш денбеш волчу а, гуш доцург гуш
деш волчу а Далла хьалха. 18 §††Сатийса бахьана
доццушехь, ИбрахIим Дала йинчу чIагIонах кхидIа
а тешаш а, сатуьйсуш а вара. И тешар бахьана
долуш, дукххачу а къаьмнийн да хилира иза.
Яздина ма-хиллара: «Оццул дукха хир ю хьан

† *3:22 Галатахошка 2:16.* †† *3:30 Карлабаьккхинарг 6:4; Галатахошка 3:20.* ‡ *4:3 Доладалар 15:6; Галатахошка 3:6.* ‡† *4:7, 8 Забур 31:1, 2.* ‡‡ *4:11 Доладалар 17:10.* ‡‡† *4:13 Доладалар 17:4-6; 22:17, 18; Галатахошка 3:29.* ‡‡‡ *4:14 Галатахошка 3:18.* § *4:16 Галатахошка 3:7.* §† *4:17 Доладалар 17:5.* §†† *4:18 Доладалар 15:5.*

тIаьхье». 19 †Тешарх ца вухуш, бIе шо кхоччуш
долчу шен дегIе, веллачун дегIе санна, бераш
далург цахилар а, Сарат доьзалхо хуьлуш цахилар
а дагахь латтадора цо. 20 Дала шена лур ду аьллачу
тешарна тIера ойла ца керчира цуьнан, мелхо а,
шен тешар тIехь чIагIвелла Iийра иза, сийлалла
Далла дIа а делла. 21 Иза кIоргге тешна вара дийр
ду аьлларг кхочушдан Делан ницкъ хиларх.
22 Цундела «Дала иза Шена хьалха бакъвина
лерира». 23 Бакъду, яздинарг цунна цхьанна
пайденна хилла ца Iа – «Дала иза Шена хьалха
бакъвина лерира», 24 амма вайна а пайденна ду:
вайн Веза Эла волу Iийса веллачуьра Денвинчух
вай тешна дела, Шена хьалха вай а бакъдина
лорур ду Дала. 25 ††Iийса вайн къиношна тIера
сагIина дIа а веллера, вай Далла хьалха
бакъдархьама ден а винера.

## Iийсан цIийца бакъдар

5 Ваьш тешарехула бакъдина дела, вайн Веза
Эла волчу, Дала леррина къобалвинчу Iийсас
динарг бахьана долуш, Делаца синпаргIато а
йолуш деха вай. 2 Вай Цунах тешар бахьана долуш,
Iийсас Делан доккхачу диканна тIекхочийла
хилийтина вайна. ХIинца вай дехаш ду оцу
диканехь. Даккхий а деш, Делан сийлаллин
декъехь хиларе сатуьйсуш ду вай. 3 Цунах
даккхийдийна а ца Iаш, ваьш баланаш хьегарх а
даккхийдеш ду вай. Вайна хаьа, баланаш хьегаро
доьналла долуш хуьлуьйтийла. 4 Доьналла долуш
хиларо къобалдар дахьа, ткъа къобалдаро
сатийсар ло. 5 Оцу сатийсаро дог доьхна ца
хуьлуьйту вай, хIунда аьлча Ша вайна деллачу Шен
Синца вайн дегнаш чу Дала Шен безам Iанийна.
6 Ваьшна гIо дан вай де доцуш дисича, Дала
билгалъяьккхинчу хенахь, Iесачеран метта *Дала*
*леррина Къобалвинарг* жIара тIехь велла. 7 Наггахь
бен, бакъахьара волчун метта цхьана а стагана
вала ца лаьа. Делахь а дикачун метта вала цхьаъ
реза хила а там бу. 8 Амма, вай хьарамлонаш
лелош долчу хенахь, вайн дуьхьа велла Дала
леррина Къобалвинарг. Цу тайпана Шен вайга
болу безам мел боккха бу гойту Дала. 9 Iийсан
цIийца вай бакъдина хилча, Цуьнгахула муххале а
кIелхьардевр ду вай Делан оьгIазлонах. 10 Вай Шен
мостагIий долчу хенахь Дела вайца тайра Шен
КIентан валарца. Дала Шеца тайтина долу вай,
хIинца муххале а Цуьнан КIантехула кIелхьардевр
ду, КIант дийна волу дела. 11 Цунах тоам бина а ца
Iаш, вай Делаца тайтина волчу а, вайн Веза Эла
волчу а, Дала леррина къобалвинчу Iийсагахула
вайца Дела хиларна, даккхийдеш ду вай.

## Адам а, Дала леррина Къобалвинарг а

12 ‡Цхьана адамехула – Адамехула – дуьнен чу къа
деара, ткъа къинехула Iожалла а еана. Иштта
Iожалла а хIора адамна тIееана, массара а къа
латийна дела. 13 Товрат-хьехамаш юкъабале а, къа
дуьнен чохь долуш дара. Амма хьехамашна
юкъайогIу бакъонаш ца лелачохь къалатор бехке
ца лору. 14 Делахь а Адаман хенахь дуьйна Мусан
хене кхаччалц дехаш долчу массо а адамашна
тIехь Iожалло шен олалла дора, Адама латийнарг
санна долу къа цара ца латийнехь а.
Цхьана агIор хьаьжча, шел тIаьхьа вогIу Волчух
тера вара Адам. 15 Делан дика зуламах тера дац.
Нагахь санна, цхьана адамо дина зулам бахьана
долуш, дуккха а адамаш хIаллакьхуьлуш хилча,
тIаккха муххале а Делан шорта долу дика, Цо
цхьана адамехула – Дала леррина къобалвинчу
Iийсагахула – маьхза луш долу совгIат дуккха а
адамна кхочур ду! 16 Дала делла хIара совгIат
цхьана адамо латийначу къинах тера дац. ХIунда
аьлча цхьана адамо динчу зуламна йинчу кхело
таIзар хилийтина, ткъа дуккха а къинош латорна
Дала динчу дикано адамаш Цунна хьалха бакъдар
хилийтина. 17 Цхьана адамо дина зулам бахьана
долуш, оцу цхьана адамехула Iожалло олалла дар
дIадоладелла. Амма цхьана адамехула, Дала
леррина къобалвинчу Iийсагахула, хилийтинарг
кхин а дукха ду. Делан шорта долу дика а, Далла
хьалха бакъдина хиларан совгIат а тIе мел эцнарш
Iийсагахула олалла деш хир бу дахарехь.
18 Иштта дан а ду иза. Цхьаммо динчу зуламехула
массо а адам бехкехилар тIедаийтина. Иштта
цхьана адамо динчу бакъдолчу гIуллакхо массо а
адамашна кхочу бакъдар а, дахар а ло. 19 Цхьа адам
Далла муьтIахь ца хилла дела, массо а адамех
къинош летийнарш хилира. Иштта цхьана адаман
Далла муьтIахь хиларо дуккха а адамаш бакъдина
хир ду.
20 Товрат-хьехамаш тIаьхьо юкъабевллера,
зуламаш алсамдовлийтархьама. Ткъа къинош
алсамдевлча, Делан дика кхин а совдала дуьйлира.
21 Къиноша, адамаш Iожаллина тIе а далош, олалла
деш хиларе терра, иштта Делан дикано а олалла
дийр ду Далла хьалха бакъвина хиларехула. Вайн
Веза Эла волчу, Дала леррина къобалвинчу
Iийсагахула Делаца долчу хедар доцучу дахаре
кхачор ду адамаш.

## Къинна вай делла, ткъа Дала леррина Къобалвинчуьнца дехаш ду

6 ТIаккха, хIун ала вай? Къинош а летош Iей те
вай, Делера долу доккха дика кхин а
алсамдалийтархьама? 2 Дера ма Iе! Къинах лаьцна
аьлча, вай делла ду. Делахь, къинош а летош,
кхидIа вай муха дахалур ду те? 3 Ца хаьа те шуна,
Дала леррина Къобалвинчун дола а девлла, шаьш
хих чекхдахийтина долчу вай Цуьнан валар а
тIеэцна хилар? 4 ‡‡Иштта, вай хих чекхдахийтича,
вай Цуьнца цхьаьна дIа а доьхкина, дала а делла.
Ткъа иза хилира, Шен Ден ницкъаца веллачуьра

† *4:19 Доладалар 17:17.* †† *4:25 ЕшаI-ЯхIу 53:4, 5.*
‡ *5:12 Доладалар 3:6.* ‡‡ *6:4 Ковлусихошка 2:12.*

денвина волу *Дала леррина Къобалвинарг* санна,
вай а керлачу дахарехь Iайтархьама.
5 Иза валаре терра, вай, дала а делла, Цуьнца
цхьаьнакхетта хилча, Иза денваларе терра, ден а
делла, юха цхьаьнакхетар ду. 6 Вайна хаьа, шира
адам Iийсаца цхьаьна жIарах дIатоьхна, къа лато
хуьлуш болу вайн лаам хIаллакбархьама а, ткъа
иштта къинан леш вайх кхидIа ца хилийтархьама
а, 7 хIунда аьлча велларг къинан олаллех
паргIатваьлла. 8 Нагахь санна Дала леррина
Къобалвинчуьнца цхьаьна вай делла хилча, вай
теша, Цуьнца цхьаьна ваьш дехар долуш хиларх а.
9 Дала леррина Къобалвинарг веллачуьра цкъа
денвелла хилча, иза кхин цкъа а лийр вац, хIунда
аьлча Iожалло Цунна тIехь кхин олалла дойла дац.
10 Цуьнан валар гуттаренна а цкъа къинан олаллех
дIакъаьсташ валар дара, ткъа Цуьнан дахар Делан
дуьхьа дахар ду. 11 Цундела аша шаьш а къинна
делла лара. Ткъа шаьш дийна хилар – Делан дуьхьа
дехаш хилар лара вайн Веза Эла волчу, Дала
леррина къобалвинчу Iийсаца цхьаьна.
12 Лийр долчу шайн догIмашна тIехь кхидIа къине
олалла ма дайта. Къинан Iалашо ю сийсаза лаамаш
шуьга кхочушбайтар. 13 КхидIа а шайн догIмийн
меженаш къинан кара ма яхийта, харцо лело
гIирсаш санна. Мелхо а, шаьш Далла дIало,
деллачуьра дендинарш санна. Ткъа шайн догIмийн
меженаш, Делан лаамехь долчу гIуллакхаша лело
гIирсаш санна, Цуьнан караяхийта. 14 Къино шуна
тIехь олалла дан ца деза: шу товрат-хьехамийн
олаллехь дац, ткъа Делан диканан олаллехь ду.

### Делан лаамехь дерг кхочушдаран леш

15 ТIаккха иштта къинош летор дуй те вай, товрат-
хьехамашна долахь а доцуш, Делан доккхачу
диканан олаллехь хилча? Дера дац! 16 Шу кхеташ
дац те, леш санна цхьанна муьтIахь хила шу
карадахча, шу къар а лой, цуьнан леш хуьлий? Я
къинан леш хуьлу шу, ткъа иза бахьана долуш шу
хIаллакдийр ду, я Далла муьтIахь хиларан леш
хуьлу, ткъа иза бахьана долуш шу Далла хьалха
бакъдар ду. 17 Далла бу хастам! ХIетахь къинан леш
шу хиллехь а, хIинца шаьш муьтIахь динчу
хьехаман кепехь даггара къарделла шу. 18 Къинойх
паргIатдевлла долу шу, хIинца Делан лаамехь дерг
кхочушдаран леш хилла. 19 Шун адамийн синош
гIийла долу дела, шу кхетар доллучу маттахь боху
ас. ХIетахь шайн дегIан меженаш сийсаза леларан
а, зулам даран а лолле дIаеллера аша, ткъа цунах
кхин а дукха зулам хилира. Ткъа хIинца Делан
лаамехь дерг кхочушдаран лолле дIало уьш, иштта
шу Далла герга кхочур ду.
20 Шу къинан леш долчу хенахь, Делан лаамехь
дерг кхочушдарх мукъа дара. 21 Шаьш хIинца
юьхьIаьржачу хIиттош, хIетахь лелийначу
гIуллакхех шуна хIун пайда баьлла? Цу гIуллакхийн
чаккхе Iожалла ма ю! 22 Ткъа хIинца, къинан
олаллех паргIат а даьхна, шу Делан леш хилча,
цунах Далла гергакхачаран пайда хуьлу шуна, ткъа
иза бахьана долуш хедар доцу дахар хир ду шун.
23 Къинош леторна луш йолу ял Iожалла ю, ткъа
Дала луш долу совгIат Дала леррина къобалвинчу
Iийсаца цхьаьна хир долу хедар доцу дахар ду.

### Товрат-хьехамашна белла лоруш берш

7 Динан вежарий, шуна хууш дац ткъа (аса хIара
бакъонаш евзачаьрга ма боху), бакъонаша,
адам дийна мел ду, цунна тIехь олалла дойла?
2 Товрат-хьехамийн бакъонаша тIе-ма-диллара,
марехь йолу зуда, шен майра дийна мел ву, цунна
тешаме хила еза. Шен майра велча, оцу бакъонех
иза паргIатйолу. 3 Цундела, майра дийна а волуш,
иза кхечуьнга яхча, иза нахаца леларг лору. Амма
майра велла йолу зуда маре яхча, иза нахаца
леларг ца лору. 4 Иштта шу а, сан динан вежарий,
*Дала леррина Къобалвинарг* валарца Цуьнца
цхьаьна товрат-хьехамашна делла ду. Веллачуьра
Денвинчун дола вай девлла, Далла стоьмаш
бахьаш долу дахар вайн хилийтархьама. 5 Вешан
синан лаамийн долахь вай хилча, вайн дегIан
меженаша къилахь болу лаамаш кхочушбора, ткъа
товрат-хьехамаш бахьана долуш и лаамаш
алсамбовлура. Цара вайга Iожаллина гIуллакхаш
дойтура. 6 Ткъа хIинца вай дихкинчу хьехамашна
делла долу вай оцу хьехамех паргIатдаьхна. Иштта
ширачу некъаца, товрат-хьехамаш кхочушбарца,
Далла гIуллакх ца до вай, амма керлачу некъаца,
Делан Синца до.

### Товрат-хьехамаш а, къинош а

7 †Делахь, товрат-хьехамаш къилахь бу аьлла,
жамI дийр ду вай? Дера дац! Амма суна къалатор
хIун ду хуур дацара, сайна товрат-хьехамаш ца
бевзинехьара. ХIунда аьлча кхечу стеган хIума
дезар суна девзар дацара, нагахь санна товрат-
хьехамаша иштта бохуш дацахьара: «Кхечу стеган
цхьа а хIума шуна ма дезийла». 8 Амма товрат-
хьехамаша бохург бахьана долуш, къино аьтто
бина хIума езийта суна чохь тайп-тайпана лаамаш
хилийта. Хьехамаш боцучохь къа делла ма ду. 9 Со
мацах товрат-хьехамаш а боцуш ваьхнера, ткъа
весет суна тIедиллича, къа денделира, 10 ткъа со
велира. Суна ваха аьлла деллачу весето со валарна
тIевалийра. 11 ††Къино, хIара весет бахьана долуш
аьтто а баьлла, со Iехавалийтира, тIаккха оццу
весетаца со вен а вийра.
12 Иштта, товрат-хьехамаш беза бу, ткъа и весет
деза а, нийса а, дика а ду.
13 ТIаккха и дика дерг кхочушдар хилла те суна
Iожаллина? Дера ца хилла! Къино дира иза. Дика
дерг бахьана долуш, со Iожаллина тIе а валош,
къинан къилахь йолу амал гучуяьккхира. Иштта и

---

† *7:7 Арадаккхар 20:17; Карлабаькхинарг 5:21.* †† *7:11 Доладалар 3:13.*

весет бахьана долуш, къа кхин а чIогIа къилахь
хилар гучудоккху.

### Вайна чохь болу къовсам

14 Вайна хаьа товрат-хьехамаш Делан Синера
буйла. Ткъа со сайн синан долахь ву. Вохка а
воьхкина, къинан лай хилла сох. 15 †Со ца кхета
айса лелочух: сайна дан луург аса ца до, ткъа сайна
бIаьрга дан а цадезарг ас кхочушдо. 16 Нагахь санна
аса сайна дан луург деш хилча, товрат-хьехамаш
дика бу аьлла, тIеоьцу аса. 17 Делахь и кхочушдеш
верг баккъалла а со вац, ткъа суна чохь дехаш долу
къа ду. 18 Суна хууш ма ду, суна чохь, баккъалла
аьлча, сан адаман са чохь, цхьа а диканиг доллуш
цахилар. ХIунда аьлча дика хIума дан лаам сан
боллушехь, иза кхочуш ца бало соьга. 19 Сайна дан
лууш долу дика дерг аса ца до, ткъа дан лууш доцу
воныг до аса. 20 Нагахь санна дан ца лууш дерг аса
деш хилча, тIаккха со вац-кх и деш верг, суна чохь
дехаш долу къа ду-кх.
21 Иштта суна хаало хIара массо а ханна лелаш
дерг: хIоразза а дика дерг дан суна дагадеача,
воныг дан лаам суна чохь хилар. 22 Ткъа суна чохь
долчу адамна Делан хьехамийн Iедалца хазахетар
карадо. 23 Амма сан меженашна чохь кхин тайпа
массо а ханна лелаш дерг го суна. Оцу Iедало сан
хьекъал чохь болчу лаамца къуьйсу. Сан
меженашкахь лелаш долчу къинан Iедалан
йийсархо во цо сох. 24 Ма миска адам ду со! Хьан
кIелхьарвоккхур ву со Iожаллина со тIевалош
долчу хIокху дегIах? 25 Аса баркалла боху Далла,
вайн Веза Эла волчу, Дала леррина къобалвинчу
Iийсагахула Цо иза дарна!
Делахь, сан хьал иштта ду: цхьана агIор сайн
хьекъалца со-со Делан хьехамийн Iедалан лай ву,
ткъа вукху агIор сайн адаман синца къинан
Iедалан лай а ву.

### Делан Синца долу дахар

8 Делахь, хIинца Дала леррина
Къобалвинчуьнца бехачарна цхьана а тайпана
кхел йийр яц, 2 Дала леррина къобалвинчу Iийсаца
долу дахар тIедалочу Делан Синан Iедало
къиношна а, Iожаллина а тIевалочу Iедалех хьо ††
паргIатваьккхина дела. 3 Вайн адаман са эгIаза
хиларна, товрат-хьехамашка кхочушдан ца делларг
Дала кхочушдина. Дала лаьтта тIе Шен КIант
ваийтира къинойн адамийн санна долчу вастехь,
къинах доккху сагIа Цунах хилийтархьама. Цу
тайпана Дала адамна чохь доллучу къинна кхел
йина. 4 Цо иза дина, вешан синан лаамашца а
доцуш, ткъа Делан Синца дехаш долчу вайгахула
товрат-хьехамийн бакъдолу декхарш дуззалц
кхочушхилийтархьама. 5 Шайн синан лаамашца
бехачара оцу лаамех дегнаш дузу, ткъа Делан
Синца бехачара Синан лаамех шайн дегнаш дузу.
6 Шайн синан лаамех дегнаш дузар – иза Iожалла
ю, ткъа Делан Синан лаамех дегнаш дузар – иза
дахар а, синпаргIато а ю. 7 И хIунда ду иштта?
Нагахь санна адамо шен синан лаамех дог дузахь,
иза Делан мостагIа хуьлу. Делан хьехамийн
Iедална муьтIахь ца хуьлу иза, мелхо а, царна
муьтIахь ца хилало иза. 8 Шайн синан лаамашца
лелачаьрга Далла тамехь дерг ца дало.
9 Амма шу шайн синан лаамашца дехаш дац.
Мелхо а, нагахь санна шуна чохь Делан Са дехаш
делахь, Делан Синан лаамашца деха шу. Нагахь
санна шух цхьаьнца Дала леррина Къобалвинчун
Са дацахь, иза Цуьнан долахь вац. 10 Нагахь санна
*Дала леррина Къобалвинарг* шун даг чохь вехаш
велахь, шун дегI, къинош летош хиларна, лийр ду,
ткъа шун са дийна ду ‡, Дала шу бакъдина долу
дела. 11 ‡†Iийса веллачуьра денвина Волчун Са шуна
чохь дехаш долу дела, Iийса веллачуьра Денвинчо
шун лийр долчу догIмашна а дахар лур ду шуна
чохь дехаш долчу Синехула.
12 Иштта, динан вежарий, Делан Синан лаамца
даха декхарийлахь ду вай, амма вайн синан
лаамца даха ца деза вай. 13 ХIунда аьлча шайн
синан лаамашца дахахь – шу лийр ду, ткъа Делан
Синан гIоьнца шайн дегIо летош долу къинош аша
хIаллакдахь – шу Дела волчохь дехар ду. 14 ХIунда
аьлча Делан Сино лелош дерш Делан бераш ду.
15 ‡‡Аша тIеэцнарг шух юха а леш хуьлуьйту Са дац,
юха а кхерамехь шу дехаш хуьлуьйтур долу. Аша
тIеэцнарг шух Делан бераш хуьлуьйту Са ду. Оццу
Синца вай кхойкху: «Абба ‡‡†, сан Дада!» 16 Вайна
чохь долчу синца цхьаьна Делан Сино Ша
тоьшалла до вай Делан бераш хиларх лаьцна.
17 Вай Делан бераш хилча, берашна кхочу дерг
вайна а кхочур ду. Дала иза вайна лур ду, ткъа Дала
леррина Къобалвинчунна кхаьчнарг вайна а
кхочур ду, хIунда аьлча, нагахь санна Дала леррина
Къобалвинчуьнца цхьаьна вай баланаш хьоьгуш
хилча, Цуьнца цхьаьна вай сийлаллехь а хир ду.

### Хиндолу сийлалла

18 Вайна гойтур йолу сийлаллица дуьстича, вай
хIинца ловш йолу халонаш хIумма а доцург лору
ас. 19 Дала кхоьллина мел долу хIума сатийсарца
ладоьгIуш ду, Делан бераш муьлханаш ду шайна
дIаделладаларе. 20 ‡‡‡Дала мел кхоьллинарг цу
хIуманийн лаамца ца дахийтина эрна долчун кара,
ткъа иза Карадерзийначун лаамца дахийтина.
Амма догдохийла ю, 21 Дала кхоьллина мел дерг
талхаран лоллера паргIатдоккхург хиларе, Делан
берашца цхьаьна сийлаллин паргIатонехь
хилийтархьама. 22 Вайна хаьа, Дала мел кхоьллина
хIума хIинццалц баланехь дуйла, берах хьийзош

† *7:15 Галатахошка 5:17.* †† *Хьо *– вукху тептарш тIехь: *со.**

‡ *Ткъа шун са дийна ду *– я иштта: *ткъа Делан Сино шуна дахар лур ду.** ‡† *8:11 1 Коринтхошка 3:16.* ‡‡ *8:15 Марк 14:36; Галатахошка 4:6.* ‡‡† *Абба *– арамхойн маттахь иза «Дада!» бохург ду.** ‡‡‡ *8:20 Доладалар 3:17-19.*

йолу зуда санна. 23 †Дала мел кхоьллинчо дина а ца
Iаш, дуьххьарлера ялтин стом санна, Делан Са
вайца доллушехь, вай а ду кийрахь узарш деш,
Дала вайна Шен берийн бакъонаш яларан замане
ла а доьгIуш. Оцу хенахь Дала вайн догIмаш
паргIатдохур ду. 24 ХIунда аьлча вай кIелхьардаьхна
а дара, вайн сатуьйсийла а ю, амма вай сатуьйсуш
дерг гуш делахьара, тIаккха иза сатийсар хир
дацара. Хьан сатуьйсур ду шена гуш долчуьнга?
25 Ткъа вай хIинца ваьшна гуш доцучуьнга
сатуьйсу, собар хиларца ла а доьгIуш.
26 Цу кеппара гIорасиза долчу вайна Делан Сино а
гIо до. Вайна ца хаьа дан ма-деззара доIанаш дан.
Ткъа Делан Сино, вайл хьалха а долий, вайна тIера
Деле доьху дешнашца вайга дIа ца алалучу
узаршца. 27 Амма вайн дегнаш толлуш волчу Далла
хаьа, стенах лаьцна доьху Шен Сино, Делан долахь
болчарна тIера Делан лаамца Цо доьху дела.
28 Вайна хаьа, Дала дерриге а диканна хуьлуьйту
Ша везачеран дуьхьа – Шен лаамца Ша
тIекхайкхинчеран дуьхьа. 29 Далла хьалхе дуьйна
хаьара, Шен долахь берш муьлш хир бу. Цо
билгалдаьккхинера, уьш Шен КIентан вастехь хир
бу аьлла, дуккха а болчу динан вежаршна юкъахь
Иза дуьххьарлера доьзалхо хилийтархьама. 30 Ша
билгалбаьхнарш Дала Шена тIекхайкхина, ткъа, тIе
а кхайкхина, Шена хьалха бакъбина, бакъ а бина,
церан сийлалла айина.

### Дала леррина Къобалвинчуьнгахула адамашка болу Делан безам

31 ХIун эр дара те оцу дерригенах лаьцна? Дела
вайгахьа хилча, мила вер ву вайна дуьхьал? 32 Шен
КIант ца кхоош, вайн дуьхьа баланаш хьега Иза
ДIавеллачо, шеко яц, Шен КIантаца цхьаьна кхин а
дисина дерг а вайна совгIатна лург хиларх! 33 Мила
ваьхьар ву Дала хаьржинчарна дуьхьал вала? Цхьа
а вац-кх! Дала бакъбеш ма бу уьш. 34 Хьаьнга ялур
ю царна кхел? Цхьаьнгге а! Дала леррина
къобалвина Iийса вайн метта велла-кх. Цул сов,
Дала ден а вина, Цунна юххехь аьтту агIор а хиъна,
вайна тIера Деле доьхуш ву Иза. 35 ДIакъастадалур
дуй те вай цхьаьнгге а Дала леррина
Къобалвинчун безамах? Дац! Халоно, балано, вай
лаьхкина леларо, мацалло, къоьлло, кхерамо я
Iожалло дохур дуй те вай Цуьнан безамах? Дац!
36 ††Делан Йозанаша ма-бохху:
«Хьо бахьана долуш, хIора дийнахь тхо дайаран
кхерамехь ду.
Тхо дайа кечдина долу уьстагIий санна хета
царна».
37 ХIетте а, и дерриг а гIуллакхаш хуьллушехь,
ваьш Дезначо вайга уггар боккха толам
боккхуьйту. 38 Со теша, я Iожалло, я дахаро, я
маликаша, я жинаша, я цхьана а долуш долчо, я
цхьана а хиндолчо, я цхьана а ницкъаша, 39 я
цхьана а вайна тIехь долчо, я цхьана а вайна
бухахь долчо, я Дала кхоьллинчу цхьана а кхечу
хIумано а вайн Веза Эла волчу, Дала леррина
къобалвинчу Iийсагахула болчу Делан безамах вай
дIакъасто йиш цахиларх.

### Дела а, Цуьнан халкъ а

9 Дала леррина Къобалвинчуьнца а волуш,
билггал бакъдерг боху Аса. Со харц ца лоь.
Делан Синан карахь долчу сан даго а тоьшалла до
суна: 2 Исраилан халкъах йоккха гIайгIа а, лазам а
бу сан даг чохь. 3 Дала леррина Къобалвинчух со
дIакъастийна хила луур дара суна сайн вежарийн
дуьхьа, сан къомах болчу 4 ‡исраилхойн дуьхьа.
Уьш хаьржина долу Делан бераш ду. Царна елла
Делан бераш хиларан бакъо а, Делан сийлалла
гойла а. Цаьрца Дала барташ бира. Царна белла
товрат-хьехамаш а, Далла муха *Iибадат дан*
дезаран хаар а. Царна дина Дала Шен ваIданаш.
5 Вайн сийлахьчу дайн тIаьхье – уьш ю. Адамаш
дуьнен чу адамех схьадовларе терра, *Дала леррина
Къобалвинарг* а ву царах адам санна дуьнен чу
ваьлла. Иза массо а хIуманна тIехь волуш волу
Дела ву, ткъа Цунна даим а хастам хуьлда! *Амин*!
6 Ша йина чIагIо Дала кхочуш ца йина аьлла,
жамI дойла дац, хIунда аьлча Исраилан халкъах
схьабевлларш Далла хьалха берриш а ма бац
исраилхой. 7 ‡†Дала ИбрахIим а, цуьнан тIаьхье а
къастийна елахь а, ИбрахIиман тIаьхьенах берш а
ма бац берриш а Делан долахь болчарах. Дала
аьлла ду: «Хьан тIаьхье Исхьакхах схьабевллачарах
лерина хир ю». 8 И бохург хIара ду: ИбрахIиман
дегIах а, хотIах а схьадевлларш дерриш а дац
Делан бераш, Дала динчу ваIданца схьабевлларш
бен. 9 ‡‡ХIунда аьлча Дала дина ваIда иштта ма
дара: «Билгалъяьккхинчу хенахь Со юхавогIур ву,
тIаккха Саратан кIант хир ву».
10 И хилла а ца Iа: изза хилира Ребикхица, иза
вайн да волчу Исхьакхах, кийрахь цхьаьний ши
кIант а волуш, берах йолчу хенахь. 11 ‡‡†Ребикхе
Дала иштта аьллера: «Воккхаха верг жимаха
волчунна гIуллакх деш хир ву». И ши кIант дуьнен
чу а валале, цара цхьа а дика а, вон а дале, Дала
иштта аьлла, Шен Iалашо стенца йоьзна ю
гайтархьама. Цо харжарца бен йоьзна яц Делан
Iалашо. Динчу гIуллакххех доьзна а доцуш, ткъа
хоржуш Волчун лаамца хуьлу иза. 13 ‡‡‡ *Делан
Йозанаш* тIехь яздинчуьнца догIуш ма ду иза:
«Якъуб Суна везавелира,
ткъа Iесав ца вийзира».
14 ХIун эр вай? Делаца харцдерг ду те? Дера дац!
15 §ХIунда аьлча Муса-пайхамаре Дала иштта боху:
«Сайна къинхетам бан луучух Ас къинхетам а
бийр бу,
Сайна къахета луучух Суна къа а хетар ду».

† *8:23 2 Коринтхошка 5:2-4.* †† *8:36 Забур 43:23.*

‡ *9:4 Арадаккхар 4:22.* ‡† *9:7 Доладалар 21:12.* ‡‡ *9:9 Доладалар 18:10.* ‡‡† *9:12 Доладалар 25:23.* ‡‡‡ *9:13 Малъаки 1:2, 3.* § *9:15 Арадаккхар 33:19.*

16 И бохург хIара ду: стеган лааме я цо гIуллакх
даре а ца хьоьжуш, Дала Шен къинхетамца хоржу
стаг. 17 †Делан Йозанашкахь Дала иштта боху
пирIуне: «Аса хьо, паччахь а вина, дIахIоттийна,
хьоьгахула Сайн ницкъ гайтархьама а, дуьнен
тIехь массо а адамашна Сайн цIе йовзийтархьама
а». 18 Иштта Шена луъучух къинхетам а бо Цо, ткъа
Шена луъург дуьхьал а волуьйту Цо.

### Делан оьгIазалла а, къинхетам а

19 Аша хатта там бу соьга: «Кхин стенна бехке во
те Иза? Мила вер ву Цуьнан Iалашонна дуьхьал?»
20 ††Ткъа мила ву хьо, стаг, Делаца къийсавала?
Йинчу хIумано эр дуй ша йиначуьнга: «Со иштта
хIунда йина ахьа?» 21 Бакъо яц ткъа куьпчичун
хьийначу цхьана поппарх цхьа пхьегIа лараме
долчу гIуллакхна, ткъа важа пхьегIа ларамаза
долчунна ян?
22 Дела иштта бакъо йолуш вара. Шен оьгIазло ян
а, Шен ницкъ гайта а лиира Далла, амма Шен
оьгIазлонах хIаллакьхила кийча долчу адамашна
Шен доккха собар хилар гайтира Цо. 23 И собар
дора Цо, Шен сийлаллин хьал адамашна
гайтархьама. И адамаш Дала къинхетам бечу
тIаьхьенах хила дезаш дара. Уьш Дала Шен
сийлалла тIеэца кечдинера. 24 Ткъа и адамаш Дала
хаьржина долу вай ду – жуьгташна юкъара
хаьржинарш хилла а ца Iаш, амма кхечу
къаьмнашна юкъара хаьржинарш а. 25 ‡ХIушаI-
пайхамаран тептар тIехь Дала иштта боху:
«Сайн доцучу халкъах –
„Сан халкъ“ эр ду Аса,
Сайна езаш йоцучух а –
„Сайна езаш ерг“ эр ду Аса.
26 ‡†„Шу сан халкъ дац“ – баьхначу меттехь,
„Шу дийна волчу Делан кIентий ду“, – бохур ду
цаьрга».
27 ‡‡Ткъа ЕшаI-ЯхIу-пайхамаро исраилхойх лаьцна
иштта боху: «ХIордан гIум санна, дукха исраилхой
хиллехь а, царах жима дакъа бен кIелхьардер дац.
28 ХIунда аьлча лаьтта тIехь дехаш долчу адамашна
ян йогIу кхел Дала хадам боллуш а, леррина а
кхочушйийр ю». 29 ‡‡†ЕшаI-ЯхIу-пайхамаро хир ду
ма-аллара:
«Нагахь массо а ницкъийн Везачу Эло вайн
тIаьхьенах цхьаберш дийна битина бацахьара,
вай Седам-гIалин бахархой санна а хир дара,
Iамор-гIалин бахархойх дIа а тарлур дара».

### Исраилхой а, хаза кхаъ а

30 ХIун эр вай хIинца? Вайна хIара хиъна: кхечу
къаьмнех берш, цара Далла хьалха шаьш бакъдар
ца лехнехь а, церан тешарехула бакъбина хилар.
31 Ткъа Исраилан халкъо товрат-хьехамаш
кхочушбар бахьанехь Далла хьалха ша бакъдар
лоьххушехь, и хьехамаш цуьнга кхочуш ца бало.
32 Ткъа хIунда ца дало цаьрга иза? Далла хьалха
шаьш бакъдар тешарехула а ца лоьхуш, ткъа шаьш
деш долчу гIуллакхашкахула лоьхура цара.
«Адамаш тасалур болчу тIулгах» тасабелира уьш,
33 ‡‡‡Делан Йозанашкахь яздина ма-хиллара:
«Ас Цийон-лам тIехь охьабуьллу
адамаш тасалур болу тIулг а,
нах галбовлуьйтур йолу *тарх* а.
Ткъа муьлхха а Цунах тешаш верг
юьхьIаьржачу хIуттур вац».

## 10

Динан вежарий! Доггах лаьа суна исраилхой
а кIелхьарбаьхна хила. Цунах лаьцна доьху
аса Деле. 2 Царах тоьшалла до аса: хьекъалца
нийса некъ шайна ца бовзахь а, Далла леррина
гIуллакх деш бу уьш. 3 Дала стаг Шена хьалха муха
бакъво шаьш ца кхета дела, иза шайгара хилийта
гIиртина дела, Дала нах бакъбеш болчу некъана
муьтIахь ца хилира уьш. 4 Товрат-хьехамаш
буьззина кхочуш а бина, *Дала леррина
Къобалвинарг* цу хьехамийн чаккхе хилира, Цунах
тешарехула Далла хьалха *бакъвар* хIоранна а
хилийтархьама.
5 §Товрат-хьехамаш кхочушбарца Далла хьалха
адам бакъдарх лаьцна Муса-пайхамаро иштта
боху: «Товрат-хьехамаш кхочушбийриг цаьрца
вехар ву». 6 §†Ткъа тешарца Далла хьалха адамаш
бакъдарх лаьцна цо иштта боху: «Шайн
дегнашкахь ма хетта: „Мила вер ву стигалшка
хьала?“ – бохуш», (иза ду Дала леррина
Къобалвинарг кхуза охьавалорхьама). 7 «Иштта ма
хетта шайн дегнашкахь: „Мила вуссур ву эхарте?“ –
бохуш», (иза ду, Дала леррина Къобалвинарг
беллачарна юкъара кхуза хьалаваккхархьама).
8 ХIан-хIа! ХIун аьлла ду Делан Йозанашкахь?
«Делан дош хьуна юххехь а ду, хьан матта тIехь а
ду, хьан дог чохь а ду». И дош вай адамашна
хьоьхуш долчу тешарх лаьцна ду. 9 «Iийса Веза Эла
ву!» – бохург хьайн баганца ахь къобалдахь, Дала
Иза веллачуьра денвина хиларх хьо даггара
тешахь, хьо кIелхьарваьккхина хир ву. 10 ХIунда
аьлча даггарчу тешаро стаг Далла хьалха бакъвина
хиларна тIевалаво, ткъа баганца къобалдаро стаг
кIелхьарваьккхина хиларна тIевалаво. 11 §††Делан
Йозано боху: «Муьлхха а Цунах тешаш верг
юьхьIаьржачу хIуттур вац». 12 Иштта, цхьа а тайпа
башхо яц жуьгтичунна а, кхечу къомах волчунна а
юкъахь, хIунда аьлча Веза Эла массарна а цхьаъ
ву, ткъа Шега кхойкхуш мел верг хIорра а алссам
декъалво Цо. 13 §‡Делан Йозанашкахь яздина ма ду:
«ХIорра а, Везачу Элан цIе а йоккхуш, Цуьнга
кхойкхуш верг, кIелхьарвоккхур ву».
14 Ткъа Цуьнга муха кхойкхур бу уьш, Цунах шаьш
тешаш ца хилча? Муха тешар бу уьш, Цунах лаьцна
шайна хезна а ца хилча? Муха хезар ду царна,

† 9:17 Арадаккхар 9:16 (Грекийн). †† 9:20 ЕшаI-ЯхIу 29:16; 45:9. ‡ 9:25 ХIушаI 2:23. ‡† 9:26 ХIушаI 1:10. ‡‡ 9:27, 28 ЕшаI-ЯхIу 10:22, 23 (Грекийн). ‡‡† 9:29 ЕшаI-ЯхIу 1:9 (Грекийн). ‡‡‡ 9:33 ЕшаI-ЯхIу 28:16 (Грекийн). § 10:5 Iамалъяр 18:5. §† 10:6-8 Карлабаьккхинарг 30:12-14. §†† 10:11 ЕшаI-ЯхIу 28:16 (Грекийн). §‡ 10:13 Юал 2:32.

Цунах лаьцна цхьаммо а дIаккхайкхош ца хилча?
15 †Ткъа наха муха дIаккхайкхор ду, дIаккхайкхо шаьш
бохуьйтуш ца хилча? Яздина ма-хиллара: « *Хаза
кхаъ* бахьаш болчу геланчийн когаш мел хаза бу!»
16 ††Амма исраилхоша массара а ца ийцира и хаза
кхаъ тIе. ЕшаI-ЯхIу-пайхамаро аьллера: «Веза Эла!
Мила тийшира оха хьехначух?» 17 Делахь, Дала
леррина Къобалвинчух лаьцна долу дош цхьаммо
кхайкхийча, адамашна хаза кхаъ хеза, ткъа и кхаъ
хезча, адамаш Цунах теша.
18 ‡Ткъа аса хоьтту: царна ца хезнера хаза кхаъ?
Дера хезнера. Делан Йозано боху:
«Дерриг а лаьтта тIехула чекхъяьлла церан лар.
Дуьне мел ду дIакхаьчна церан тоьшалла».
19 ‡†Аса юха а хоьтту: Исраилан халкъ кхетта
дацара ткъа? Муса-пайхамаро дуьххьара иштта
боху:
«Халкъ доцучу халкъе
Ас хьагI хуьлуьйтур ю шун,
ткъа кхетам боцучу халкъан гIоьнца
Аса оьгIазло хуьлуьйтур ю шуьгахь».
20 ‡‡Ткъа ЕшаI-ЯхIу-пайхамаро майрра боху:
«Ца лехначарна
Со карийна,
Сох лаьцна ца хоьттучарна
Со вовзийтина Аса».
21 ‡‡†Ткъа Исраилан халкъах лаьцна Дала ЕшаI-
ЯхIугахула иштта боху: «Дийнахь сарралц Iийра Со
Сайн куьйгаш дIакховдийна муьтIахь доцучу а,
карзахдуьйлучу а халкъе».

## Исраилан халкъе Делан болу безам

11 ‡‡‡Аса юха а хоьтту: «Дала Шен халкъ дIатесна
те?» Дера ца тесна! Со а ма ву ИбрахIиман
хIух схьаваьлла а, Бен-Яманан тайпанах волу а
исраилхо. 2 Дала дIа ца тесна хьалхе дуьйна Ша
хаьржина долу Шен халкъ. Шуна ца хаьа, хIун боху
Эли-ЯхIу-пайхамарах лаьцна Делан Йозанашкахь?
Исраилан халкъах лаьцна Деле латкъам беш,
иштта боху цо: 3 §«Веза Эла! Хьан пайхамарш
хIаллакбина, Хьан сагIа доккху кхерчаш бохийна.
Со цхьаъ бен висина вац, ткъа со а вен дагахь
лоьху цара». 4 §†Ткъа хIун жоп делира Дала цунна?
«Аса *цIу* волчу БаIална горахIоьттина воцу ворхI
эзар стаг витина Сайна», – элира Цо. 5 ХIинцалерчу
хенахь а изза хуьлу: исраилхойх цхьаболу нах
Iийсах тешаш бу, ткъа Дала уьш Шен диканца
хаьржина. 6 Делан диканца иза хилча, адамаша
динчу дикачу гIуллакхашца доьзна дац иза. Иштта
ца хилча, Делера долчу диканах дика хир дацара.
7 Иштта жамI дан мега: Исраилан халкъана ша
лехнарг ца карийра. Дала хаьржинарш бен ца
кхечира Делан дикане. Ткъа биснарш Дала дагца
дарбинера. 8 §††Делан Йозанашкахь яздина ма-
хиллара:
«Дала церан дегнаш артдина,
таханлерчу дийне схьаккхаччалц
хIумма а ца го бIаьргаш а,
хIумма а ца хеза лергаш а
церан хилийтархьама».
9 §‡Дауд-паччахьо боху:
«Цара шаьш-шайна хIиттийначу тойнашкахь
гуро а, речIано а лоцийла уьш.
Гал а бевлла, охьаэгийла уьш,
бекхам а бойла царна.
10 Бода богIийла
церан бIаьргашна хIумма а ца гархьама,
баккъаш а хуьлийла церан ситтина
гуттаренна а».
11 Аса юха а хоьтту: «Жуьгтий гуттаренна а
галбевлла те?» Дера ца бевлла! Мелхо а, церан
галбовлар бахьана долуш кхечу къаьмнех болчу
нахана *кIелхьардовлар* карийна, исраилхойн
цаьрга хьагI хилийтархьама. 12 Ткъа церан
галбовлар дуьнен чуьра адамашна а диканна
хилча, церан синан эшар кхечу къаьмнех болчу
нахана диканна хилча, мел сов дика хир ду, уьш
кхоччуш барамехь хилча!
13 Шуьга боху аса, кхечу къаьмнех болу нах: шун
*векал* со хиларна, сайн балхах дозалла до аса.
14 Цаьрга хьагI хилийта соьга меттахбахалур бац те
сан къомах берш, иштта кIелхьарбахалур бац те
соьга царах цхьаберш? 15 Сан къомах берш
дIатасарна, дуьнен чуьра нахаца Дела тайча,
тIаккха сан къомах берш тIеэцар кхин хIун хир ду,
беллачуьра денбалар дацахь?!
16 Бедан хьалхарчу декъах деттинарг Делан
долахь хилча, берриг а бод Цуьнан долахь бу.
Диттан орамаш даздина хилча, диттан гаьннаш а
хир ду иштта даздина. 17 *Зайт-диттана* тIе, шен
долу гаьннаш дIа а хедийна, акхачу диттан
гаьннаш тIедогIаре терра, иштта, кхечу къаьмнех
болу нах, шу а тIедоьгIна долу га санна ду, зайт-
диттан орамех схьаболучу ницкъах а, дахарх а
дIакхетта. 18 Амма дIахедийначу гаьннашна хьалха
куралла ма елахь. Дагадаийталахь хьайна, орам
латтош верг хьо ца хилар, ткъа хьо оцу орамо
латтош хилар.
19 Ахьа ала там бу: «И гаьннаш со
тIедогIийтархьама хадийна ма ду». 20 Нийса ду.
Делахь а, Дала леррина Къобалвинчух тешар
церан ца хиларна, уьш дIахедийна, ткъа хьо Цунах
тешар хьайн хиларна бен лаьтташ вац. Цундела
куралла ма е, ткъа кхоьруш хила. 21 ХIунда аьлча
диттан шен долу гаьннаш а Дала кхоош ца хилча,
ойла ехьа: хьо кхоор вуй те Цо? 22 Хьо гуш ву-кх:
Дела диканца лела, ткъа Иза къизаллица лела. Шех
дIабирзинчарна Цо къизалла йо, ткъа хьуна дика
до, нагахь санна Цуьнан диканехь хьо кхидIа а

† *10:15 ЕшаI-ЯхIу 52:7.* †† *10:16 ЕшаI-ЯхIу 53:1 (Грекийн).* ‡ *10:18 Забур 18:5 (Грекийн).* ‡† *10:19 Карлабаьккхинарг 32:21.* ‡‡ *10:20 ЕшаI-ЯхIу 65:1 (Грекийн).* ‡‡† *10:21 ЕшаI-ЯхIу 65:2 (Грекийн).* ‡‡‡ *11:1 Пилапхошка 3:5.* § *11:3 Сулим 19:10, 14.* §† *11:4 Сулим 19:18.*

§†† *11:8 Карлабаьккхинарг 29:4; ЕшаI-ЯхIу 29:10.* §‡ *11:9, 10 Забур 68:23, 24 (Грекийн).*

висахь. Иштта ца хилахь, хьо а хир ву дIахадийна.
23 Ткъа вуьш а, зайт-диттана гаьннаш тIедогIаре
терра, церан хьалхалерчу меттиге юхахIиттор бу,
нагахь санна Дала леррина Къобалвинчух ца
тешаш уьш ца бисахь, хIунда аьлча Дела ницкъ
болуш ву, уьш юха а шайн меттиге дIахIитто.
24 Акхачу зайт-диттах дIахедийна долу гаьннаш,
Iаламна дуьхьал иза делахь а, дикачу зайт-диттана
тIе доьгIна хилча, тIаккха дикачу зайт-диттах
дIахедийнарш кхин а дика дугIур ма ду шайн долчу
дитта тIе.
25 Динан вежарий! Суна ца лаьа, хIара Делан
къайле ца евзаш шу дита, шайх дозалла а деш, шу
ца Iайтархьама. Цхьаболчу исраилхойн дегнаш
хIуъа а бен ца хеташ хилар цхьана ханна а бен дац.
Иштта хир ду, кхечу къаьмнех долу адамаш
буьззина болчу барамехь Далла тIедерззалц. 26 †Цул
тIаьхьа дерриг а Исраилан халкъ кIелхьардоккхур
ду, яздина ма-хиллара:
« *КIелхьардохург* Цийонера вогIур ву.
Якъубан тIаьхьенан ерриг а Iесалла дIайоккхур ю
Цо.
27 ††Аса иштта барт бийр бу цаьрца,
церан къиношна Айса гечдича».
28 *Хаза кхаъ* тIе ца эцна дела, исраилхой Делан
мостагIий бу, ткъа иза кхечу къаьмнех долчу шуна
пайденна ду. ХIетте а, Дала уьш хаьржина дела,
Далла безаш берш бу уьш, церан дайшка дина
долу *ваIда* бахьана долуш. 29 Дала Шена тIебало
хаьржинчарах лаьцна а, Ша динчу совгIатех
лаьцна а бина болу Шен сацам цкъа а ца хуьйцу.
30 Уьш Далла муьтIахь ца хиларна, мацах Далла
муьтIахь хилла доцучу шух Цо къинхетам бина.
31 Иштта хIинца уьш Далла муьтIахь боцуш хилла,
Ша шух къинхетам бинчу тайпана, царах Цо хIинца
‡ къинхетам бархьама. 32 ХIунда аьлча массо а адам
Дала Шена муьтIахь ца хиллачу йийсаре далийна,
царах массарах а къинхетам бар
тардалийтархьама.

## Дела хастор

33 ‡†ЭхI, ма барам боцуш хьал долуш ду-кх Делан
хьекъалалла а, кхетам а! Вайн хьекъал ца кхочу
Цуьнан сацамех кхета, вай тIаьхьа ца кхиало
Цуьнан некъашна! 34 ‡‡Делан Йозанашкахь ма
аьлла:
«Делан хьекъал хьанна девзар ду,
я мила хир ву Цуьнга хьехамаш бан йиш йолуш?
35 ‡‡†Хьан елла Цунна цхьа хIума,
цунна Иза декхарийлахь а волуш?»
36 ‡‡‡ХIунда аьлча массо а хIума Дала кхоьллина а
ду, Цо латтош а ду, Цуьнан дуьхьа лаьтташ а ду.
Сийлалла ду Цуьнан абаденналц! *Амин*!

## Далла гIуллакх деш долу дахар

12 Аса цундела доьху шуьга, динан вежарий,
дийна а, деза а, Далла тамехь долу а сагIанаш
санна, шайн догIмаш Далла дIало. Далла деш долу
и тайпа гIуллакхаш товш ду шуьгахь. 2 ХIокху
дуьненан ойланашца ма лелалаш, амма шайн
хьекъал, метта а даладайтина, Деле
карладаккхийта. ТIаккха бевзар бу шуна шайх
лаьцна болу Делан лаам. Шуна хуур ду Далла
хьалха диканиг а, Далла тамехь дерг а хIун ду а,
Делан кхачаме лаам муха бу а.
3 Аса шух хIорранга а боху, сайна Дала деллачу
дикане хьаьжжина: шайх лаьцна хила езачул лекха
ойланаш ма хилийталаш, амма, шайна хIоранна а
Дала деллачу тешаре хьаьжжина, оьзда ойла елаш.
4 §Вайн дегI цхьаъ делахь а, цуьнан дукха а
меженаш ю. И меженаш цхьатерра гIуллакхаш
кхочушдеш яц. 5 Иштта вай а, ваьш дукха делахь а,
Дала леррина Къобалвинчуьнца а долуш, цхьа дегI
ду, ткъа вайх хIора а цу дегIан вовшахтоьхна меже
ю. 6 §†Вайна хIоранна а, Дала шена деллачу дикане
хьаьжжина, похIма делла. Делера болу хаамаш
баран похIма хьайна деллехь, иза дIакхехьа, хьайн
долчу тешаре хьаьжжина. 7 Дала хьуна кхечарна
гIуллакх даран похIма деллехь, и гIуллакх
дIакхехьа. Цо хьуна динан хьехамча хилар деллехь,
хьеха. 8 Уллорачун догъэца похIма хьан делахь –
догъэца. Хьайн йолчу хIуманийн кхечаьрца дакъа
дан похIма хьан делахь, уьш комаьрша дIасаекъа.
Куьйгалла дан похIма хьан делахь, доггах
куьйгалла де. Къинхетам баран похIма хьан
делахь, иза а хазахетарца де.
9 Шун безам даггара хуьлийла. Вониг ма дезалаш,
ткъа диканиг ларделаш. 10 Вежаршка санна хуьлучу
безамца вовшийн дезалаш, вовшийн алсам
ларалаш. 11 Мало а ца еш, дукха болх белаш. Даим
доьналла а долуш, Далла гIуллакх делаш.
12 Хазахетарца сатийсалаш. Халонаш собарца ловш
хилалаш. Даим а доIанаш делаш. 13 Делан нехан
эшамехь дакъалоцуш хилалаш, хьеший доггах
тIеэцалаш.
14 §††Шайга баланаш хьоьгуьйтурш декъалбелаш.
Декъалбелаш, сардамаш ма дехалаш. 15 Самукъане
болчаьрца самукъане хилалаш, боьлхуш
болчаьрца делхалаш. 16 §‡Вовшашца бертахь Iелаш.
Шайх лаьцна лакхара ойланаш а ца еш,
мискачаьрца а тIекаре хилалаш. Шайн кхетамах
лаьцна кура ойланаш ма елаш.
17 Цхьанна а зуламна дуьхьал зулам ма делаш,
мелхо а, массо а адамна хьалха оьзда дерг лело
гIерталаш. 18 Шайн ма-хуьллу, массо а адамца
бертахь даха гIерталаш. 19 §‡†Сан хьоменаш! Цкъа а
бекхамаш бан ма гIерталаш, ткъа иза Делан кара
дIалолаш. Яздина ма ду: «„Бекхам Соьгахь бу, Ас

† *11:26 ЕшаI-ЯхIу 59:20, 21 (Грекийн).* †† *11:27 ЕшаI-ЯхIу 27:9 (Грекийн).* ‡ *ХIинца *– цхьадолчу тептарш тIехь и дош ца хуьлу.** ‡† *11:33 ЕшаI-ЯхIу 55:8.* ‡‡ *11:34 ЕшаI-ЯхIу 40:13 (Грекийн).* ‡‡† *11:35 Аюб 41:3.* ‡‡‡ *11:36 1 Коринтхошка 8:6.*

§ *12:4, 5 1 Коринтхошка 12:12.* §† *12:6-8 1 Коринтхошка 12:4-11.* §†† *12:14 Маттай 5:44; Лака 6:28.* §‡ *12:16 Кицанаш 3:7.* §‡† *12:19 Карлабаьккхинарг 32:35.*

хьакъ дерг дӀалур ду“, – боху Везачу Эло». 20 †Мелхо
а Делан Йозанашкахь иштта яздина ду: «Хьан
мостагӀа меца велахь, иза вузаве. Хьогах иза
велахь – хи ло цунна. Иштта дерг дарца цуьнан
коьрта тӀе догуш долу кӀегий гулдо ахьа». 21 Воне
хьо эша ма вайта, ткъа диканиг дарца вонна тӀехь
толам баккха.

### Ӏедална гергахь долу декхарш

13 ХӀора адам пачхьалкхана урхалла дечарна
муьтӀахь хила деза. Урхалла дан бакъо, Дала
елча бен, ма ца хуьлу, ткъа болуш болу урхалчаш
Дала дӀахӀиттийна бу. 2 Цундела Ӏедална
дуьхьалваьлларг Дала динчунна дуьхьалваьлларг
хуьлу. Ткъа иштта дерг долуьйтучара шайна тӀе
кхел йоуьйту. 3 ХӀунда аьлча дика гӀуллакхаш
дечарна урхалчаш кхераме бац, зуламе гӀуллакхаш
дечарна бу. Ӏедалах ца кхоьруш Ӏен лаьий хьуна?
Дика де, тӀаккха Ӏедало хьо хастор ву. 4 Урхалчаш
Далла гӀуллакх деш ма бу. Уьш хьуна дика дан
къахьоьгуш бу. Нагахь санна хьо зулам доккхуш
велахь, кхералахь. ХӀунда аьлча цара эрна лелош
дац тур: уьш Делан гӀоьнчий бу, зулам дечарна
догӀу таӀзар цаьргахула деш ву Дела. 5 Иштта,
таӀзарх кхерарна хилла а ца Ӏаш, вайн дог цӀена
хилийтархьама, вай урхалчашна муьтӀахь хила
деза.
6 ††Цундела урхалчашна йогӀу ял дӀало, уьш и
гӀуллакх даим кхочушдан дӀахӀиттийна Делан
белхалой болу дела. 7 ХӀоранна а хьакъ дерриг
дӀало: ял яла езачунна – ял, ясакх яла езачунна –
ясакх, кхера везачух – кхера, лара везарг – лара.

### Вовшашна юкъахь долу декхарш

8 Цхьанна а цхьа а хӀума декхарийлахь ма
хилалаш, вовшашна дӀабала беза безам боцург,
хӀунда аьлча кхиверг везаш волчо товрат-
хьехамаш кхочушбина. 9 ‡Товрат-хьехамашкахь
дукха весеташ ду. Царна юкъахь иштта наш а ду:
«Нахаца ма лела, адам ма де, къола ма де, кхечу
стеган цхьа а хӀума шайна ма деза». Амма и
дерриге а весеташ хӀокху цхьана дашна тӀедогӀу:
«Хьайн уллораниг хьо санна веза». 10 Безамо уллохь
волчунна зулам ца дойту. Цундела безам хилар –
товрат-хьехамаш кхочушбар ду.
11 И дерриге а кхочуш а деш, даха, самадовла хан
тӀекхаьчнийла а хууш, хӀунда аьлча вай дуьххьара
тешаре даьхкинчу хенахь чул, хӀинца герга ду Дала
вай кӀелхьардахарна. 12 Буьйса дӀаяьлла, де
тӀекхаьчна. Цундела боданан гӀуллакхех дӀа а
дерзий, серлонан долчу герзаца кийча хила вай.
13 Оьзда даха вай, дийнан серлонгахь даха ма-
деззара: лар тӀера а ца довлуш, малар тӀех а ца
доккхуш, боьха лаамаш а, къилахь долу хӀума дар а
дитина, девнаш а ца дохуш, хьагӀ а йоцуш. 14 Иштта
долу гӀуллакхаш лелочул, Веза Эла волчу, Дала
леррина къобалвинчу Ӏийсах тарлуш даха вай,
вайн синан лаамаш муха кхочушбийр бара те
бохуш, ойланаш а ца еш.

### Хьайн динан ваша бехке ма ве

14 ‡‡Тешар тӀехь чӀагӀвелла воцу стаг, цунна
хетарг дийцаре а ца доккхуш, ша ма-варра
тӀеэца. 2 ХӀунда аьлча цхьаволчун тешаро, къеста а
ца еш, муьлхха а хӀума яа магадо цунна. Тешар
тӀехь чӀагӀвелла воцучу вукхо хасстоьмаш бен ца
боу. 3 Муьлхха а йолу яа хӀума юуш верг ма
хуьлийла ца вешаш иза юуш воцучух. Юуш воцучо
а бехке ма войла муьлхха а кхача бууш верг, хӀунда
аьлча иза а Дала тӀеэцна ву. 4 Мила ву хьо, хьайн
воцу лай бехке ван воллург? Ирахь лаьтташ велахь
а, я охьавоьжнехь а, иза шен элана хьалха ву. Иза
лоттуьйтур ву: Веза Эла ницкъ болуш ву иза
латтийта.
5 Цхьаммо цхьа де вукхул дезо лору, ткъа
вукхунна массо а денош хета цхьатерра. ХӀора а
шен хьекъалца теша ша бакъхиларх. 6 Денош
къесточо Везачу Элана къестадо уьш. Муьлхха а
кхача бууш волчо Везачу Элан дуьхьа боу, хӀунда
аьлча цо баркалла олу Далла. Бууш воцучо а
Везачу Элан дуьхьа ца боу, цо а Далла баркалла
олу. 7 Вайх цхьа а шен дуьхьа бен ваьхна ца Ӏа,
цхьа а шен дуьхьа бен велла ца Ӏа. 8 Вай дахахь а,
Везачу Элан дуьхьа деха, вай лахь а, Везачу Элан
дуьхьа ле. Иштта, дехаш я леш делахь а, Везачу
Элан долахь ду вай. 9 ХӀунда аьлча *Дала леррина
Къобалвинарг* дийна болчарна а, беллачарна а
тӀехь олалла дархьама вала а велла, ден а велла.
10 ‡‡Ткъа стенна бехке во ахьа хьайн динан ваша? Я
стенна ца веша хьо хьайн веших? Вай массо а
Далла хьалха дӀахӀитта ма деза, Цуьнга ваьшна
кхел яйтархьама. 11 ‡‡‡Яздина ма ду:

«Дийна волчу Сайх чӀагӀо йо Аса,
боху Везачу Эло,
хӀора а адам, гора а хӀоьттина,
Суна хьалха суждане гӀур ду,
ткъа Со Дела хиларх лаьцна
хӀора маттахь тоьшалла дийр ду».

12 Иштта, Далла хьалха вайх хӀораммо а ша-шех
жоп лур ду.

### Къинош ма летадайта кхечуьнга

13 ХӀинца чул тӀаьхьа вовшийн бехке ма де вай.
Цул сов, вай ларло вешан динан вежаршна
къинош лето а, уьш галбовлийта а меттиг ялийтарх
а. 14 Веза Эла волчу Ӏийсагахула суна хаа а хаьа, со
тешна а ву цхьа а кхача ша-шеца хьарамниг долуш
ца хиларх. Адамна, шена хьарам хеташ ерг бен,

† 12:20 Кицанаш 25:21, 22 (Грекийн). †† 13:6, 7 Маттай 22:21; Марк 12:17; Лака 20:25. ‡ 13:9 а: Арадаккхар 20:14; Карлабаькkхинарг 5:18; б: Арадаккхар 20:13; Карлабаькkхинарг 5:17; ц: Арадаккхар 20:15; Карлабаькkхинарг 5:19; д: Арадаккхар 20:17; Карлабаькkхинарг 5:21; э: Ӏамалъяр 19:18.

‡† 14:1-6 Ковлусихошка 2:16. ‡‡ 14:10 2 Коринтхошка 5:10. ‡‡† 14:11 ЕшаӀ-ЯхӀу 45:23 (Грекийн).

цунна хьарам яц. [15] Хьайн вешина хьарам хетарг а
юуш, цунна халахетар деш хьо велахь, иза даггара
везаш лелаш вац хьо. ХIаллак ма вехьа айхьа
юучуьнца Дала леррина Къобалвинчо цуьнан
дуьхьа Шен дахар дIаделларг. [16] Шайна дика
хетачух бахьана ма хилийта кхечарна шух лаьцна
вониг дийца. [17] ХIунда аьлча *Делан Олалла* даарца
а, маларца а доьзна дац. Делан Сино луш долчу
Делан лаамехь хиларца а, синпаргIатонца а,
хазахетарца а доьзна ду иза. [18] Иштта а вехаш, Дала
леррина Къобалвинчунна гIуллакх деш верг Далла
тамехь а ву, наха лоруш а ву.
[19] Цундела барт хилар а, вовшийн тешар тIехь
иракарахIиттор а леха вай. [20] Юуш ерг бахьана
долуш, Дала динарг ма дохаде вай. Массо а хIума
яа хьанал ю, амма хьайн ваша галволуьйту хIума
яар вон ду. [21] Жижиг цадаар а, чагIар цамалар а,
динан ваша галволуьйтуш долу цхьа а хIума цадар
гIолехь ду. [22] Цу хIуманех лаьцна долу хьан тешар
хьайн даг чохь а, Далла хьалха а хилийта. Декъала
ву шена дика хетачунна тIехь ша бехке цавийриг.
[23] Ткъа шеконаш йолуш верг Дала бехке вийр ву,
нагахь санна шена хьарам хетташехь, цхьа хIума
цо яахь, хIунда аьлча ша дийриг цо тешарехула ца
до, ткъа тешарехула деш доцу массо а хIума
къилахь ду [†].

## Хьайна тамехь дерг а ца деш, кхечунна тамехь дерг де

15 Тешар тIехь чIагIделлачу вай чIагIбелла
боцучарна гIо дан деза, ваьшна тамехь дерг
дина а ца Iаш. [2] Вайх хIораммо а уллорачунна
тамехь дерг дан деза, иза цунна диканна а,
иракарахIотторна а хуьлуьйтуш. [3] [††]ХIунда аьлча
Дала леррина Къобалвинчо а ца дора Шена тамехь
дерг. Амма яздина ма-хиллара: «Хьо сийсазвочеран
сийсаза дешнаш Суна тIедоьжна». [4] Ткъа хьалха
яздина мел долу хIума вайна хьехамна яздина ду,
Делан Йозанаша вайна лучу доьналлица а,
иракарахIитторца а вешан сатийсар
хилийтархьама.
[5] Доьналлин а, иракарахIитторан а хьоста волчу
Дала шуна лойла, Дала леррина къобалвинчу
Iийсан дахаран масале хьажарна, вовшашна
юкъахь цхьа ойланаш хилар. [6] Иштта хилча,
цхьана синца а, цхьана дешнашца а хаставан
тарло аша Дела, вайн Веза Эла волчу, Дала
леррина къобалвинчу Iийсан Да.

## Кхечу къаьмнех болчу нахана лерина хаза кхаъ

[7] Цундела, Дала леррина Къобалвинчо шаьш
тIеэцаре терра, аша а тIеэца вовшийн, Дела
хаставархьама. [8] Дагадаийталаш, *Дала леррина
Къобалвинарг* жуьгташна [‡] ялхо хилира, Дела
тешаме хилар гайтархьама. Иштта, Иза веара,
церан дайшна дина долу *ваIда* кхочушдархьама а,
[9] [‡†]кхечу къаьмнех болчу нахе а Дала шайна динчу
диканна хастамаш байтархьама а. Яздина ма-
хиллара:
«Аса Хьо кхечу къаьмнашна юкъахь хестор ву,
иллешкахь ас Хьан цIе язйийр ю».
[10] [‡‡]Кхин а аьлла ду:
«Даккхийде, кхечу къаьмнех долу адамаш,
Делан халкъаца цхьаьна».
[11] [‡‡†]Кхин а боху:
«Хаставе Веза Эла кхечу къаьмнех мел болчара,
хастам бе Цунна массо а халкъаша!»
[12] [‡‡‡]ЕшаI-ЯхIу-пайхамаро а иштта боху:
«Юшайн тIаьхьенах цхьаъ гучувер ву.
Иза къаьмнашна тIехь олалла дан гIоттур ву,
ткъа уьш цунах дегайовхо йолуш хир бу».
[13] Дегайовхо луш волчу Дала шун тешарехула
хазахетарх а, синпаргIатонах а дузийла шу, Делан
Синан ницкъаца шун сатийсар даим
алсамдалийтархьама.

## ПахIала иштта майра яздаран бахьана

[14] Сан динан вежарий, со тешна ву дикачу
ойланех шу дуьзна хиларх а, шун кхетам кхоччуш
хиларх а, вовшашна хьехамаш балур болуш шу
хиларх а. [15] Амма цхьадолчу гIуллакхех лаьцна аса
майрра яздора шуьга, динан вежарий, уьш шуна
диц ца далийтархьама. Аса иза дора, Дала Шен
диканца со къобалвина дела, [16] кхечу къаьмнех
болчу нахана юкъахь Дала леррина къобалвинчу
Iийсан гIуллакх дан. Динан дас санна, Ас Делера
болу *хаза кхаъ* кхайкхабо, кхечу къаьмнех болу
нах, Делан Синехула Далла хьалха дIа а къастийна,
Далла тамехь долу сагIа санна хилийтархьама.
[17] Иштта Дала леррина Къобалвинчуьнца со волуш,
Делан дуьхьа динчу сайн гIуллакхех сан дозалла
дойла ду. [18] Кхечу къаьмнех болу нах Далла
тIеберзорхьама, Дала леррина къобалвинчу Iийсас
соьгахула дина доцу цхьа а хIума дийца со ваьхьар
вац. Цо иза соьгахула дина сан дешнашца а, сан
гIуллакхашца а [19] тамашийначу билгалонийн а,
инзаречу хIуманийн а ницкъаца а, Делан Синан
ницкъаца а. Иштта, Ярушалайм-гIалара Иллирик-
махкана тIекхаччалц, аса, массо а меттигашкахула
чекх а волуш, Дала леррина Къобалвинчух лаьцна
болу хаза кхаъ кхоччуш дIасабаржийна. [20] Айса
хаза кхаъ дIакхайкхош, суна лаьара Дала леррина
Къобалвинчун цIе евзаш йоцучу меттигашкахь а
дIакхайкхо, иза кхечо дIахIотийначу бух тIехь ца
дархьама. [21] [§]Амма яздина ма ду:
«Цунах лаьцна хаам цахилларш а Цунах кхетар бу,
цахезначарна а вевзар ву».

---

† *Цхьадолчу тептарш тIехь аяташ 16:25-27 кхузахь тIетоьхна ду.** †† *15:3 Забур 68:10.* ‡ *Жуьгташна *– Грекийн маттахь: *сунтбинчарна.**

‡† *15:9 Дауд 22:50; Забур 17:50.* ‡‡ *15:10 Карлабаьккхинарг 32:43.* ‡‡† *15:11 Забур 116:1.* ‡‡‡ *15:12 ЕшаI-ЯхIу 11:10 (Грекийн).* § *15:21 ЕшаI-ЯхIу 52:15 (Грекийн).*

### ПахIал Риме кхача дагахь ву

22 †Цу бахьаненна мосуьйттазза новкъарло йира
суна шу долчу дIаван. 23 Ткъа хIинца хаза кхаъ
кхачаза меттиг кху мехкашкахь йоцу дела а, дукха
хенахь дуьйна шу долчу дIаван сан дагахь долу
дела а, 24 со шу долчу ван ойла йолуш ву, Испани-
махка новкъа а волуш. Сан дегайовхо ю, цига а
воьдуш, шу долчу хьошалгIа кхача. Хазахетарца ас
шуьца жимма хан яьккхинчул тIаьхьа, суна новкъа
вала гIо дан тарло аша. 25 ††Ткъа хIинца со
Ярушалайме воьду Делан нахана гIуллакх дан.
26 Македонера а, Ахаера а динан тобанаша сацам
бина, Ярушалайм-гIалахь болчу Делан нахана
юкъарчу къечарна сагIина ахча дахьийта. 27 ‡И
сацам цара шаьш бинехь а, Ярушалаймерчу Iийсах
тешачарна хьалха иза дан декхарийлахь а бу уьш.
Кхечу къаьмнех болу нах жуьгташкахула, тешаре
хьаьжжина, декъалбина хилча, шайн долахь долчу
рицкъе хьаьжжина, жуьгтий декъалбан а
декхарийлахь бу уьш. 28 И гIуллакх чекх а
даьккхина, сагIина гулдинарг царна билггал
дIакхаьчна даьлча, со Испани ваха новкъа вер ву.
Цига воьддушехь, со шун гIала чувоьрзур ву. 29 Со
тешна ву, шу долчу веача, Дала леррина
Къобалвинчуьнгара шортта долчу декъалдаршца
со вахарх.
30 Динан вежарий, вайн Веза Эла волчу, Дала
леррина къобалвинчу Iийсан дуьхьа а, Делан Сино
вайна вовшашка луш болчу безаман дуьхьа а аса
доьху шуьга соьца цхьаьна суна тIера Деле чIогIа
доIанаш дар. 31 Аса Деле доьху, ЯхIуд-махкахь
Iийсах ца тешачарах со ларвар а, Ярушалаймехь
болчу Делан нахана ас до гIуллакх тамехь хилийтар
а. 32 Нагахь санна Делан лаам белахь, воккхаверца
дIа а веана, паргIат шуьца хан йоккхур ю аса.
33 Вайна синпаргIато луш волу Дела хуьлийла
шуьца массаьрца а. *Амин*.

### Шеггара долу маршаллаш

16 Аса шуьга дIахоуьйту, вайн динан йиша йолу
Пойбат дика зуда хилар. Иза Кенахари олучу
гIаларчу динан тобанан гуламехь динан
куьйгалхочун гIоьнча ю. 2 Везачу Элан долахь йолу
иза, Делан наха ма-эццара, оьзда тIеэцахьара аша.
Шаьш долчохь цунна оьшучунна тIехь гIо а дейша,
хIунда аьлча дуккха а болчу нахана а, суна-сайна а
гIо дина цо.
3 ‡†Маршалла ло соьца цхьаьна Дала леррина
къобалвинчу Iийсана гIуллакх деш хилла болчу
ПхьаьрскIилате а, Iакхиле а. 4 Шайна кхераме
доллушехь, цара со кIелхьарваьккхира. Со цхьаъ
хилла ца Iа царна баркаллаш бохуш верг, кхечу
къаьмнех болчу нехан динан массо а тобанаша а
бохуш ю. 5 Маршалла ло церан цIахь гуллуш йолчу
динан тобане а.
Маршалла ло сан хьомечу Эпанте а. Иза Асиа-
махкахь Дала леррина Къобалвинчуьнна
тIебирзинчарах хьалхарниг ву. 6 Маршалла ло шун
дуьхьа чIогIа къахьегна йолчу Мареме а.
7 Маршалла ло Iандарнике а, Юнига ‡‡ а. Уьш сан
къомах бу. Соьца цхьаьна тутмакхаш а хилла уьш,
векалшна юкъахь лоруш а бу, Дала леррина
Къобалвинчух сол а хьалха тешна а бу.
8 Маршалла ло Везачу Элан долахь волчу сан
хьомечу Iампале. 9 Маршалла ло вайца цхьаьна
Дала леррина Къобалвинчуьнна гIуллакх дечу
Урбане а, иштта сан хьомечу Стахига а.
10 Маршалла ло Дала леррина Къобалвинчух
тешарна тIехь зийна волчу Апа-Лесе. Маршалла ло
Арти-Сабулан цIийнах болчаьрга. 11 Маршалла ло
сан къомах волчу ХIарудига. Маршалла ло Нару-
Касин цIийнах болчу Везачу Элан долахь
болчаьрга.
12 Маршалла ло Везачу Элан дуьхьа къахьоьгуш
йолчу Тарипате а, Тарипуте а. Маршалла ло сан
хьомечу Парсатига а. Иза а Везачу Элан дуьхьа
дукха къахьегна ю. 13 ‡‡†Маршалла ло Везачу Элана
къаьсттина гIуллакх дечу Рупе а, цуьнан санна, сан
а йолчу цуьнан нене а. 14 Маршалла ло Асинкарите
а, Пелигане а, ХIермига а, Пата-Рубе а, ХIармига а,
иштта цаьрца болчу динан кхечу вежаршка а.
15 Маршалла ло Пилалаге а, Юлига а, Нере а,
цуьнан йише а, Олу-Мапига а, цаьрца болчу Делан
нахе массаьрга а.
16 Вовшашка маршаллаш ло Делан безачу
безамца ‡‡‡. Маршаллаш доуьйту шуьга Дала
леррина Къобалвинчун динан массо а тобанаша.

### ТIаьххьара бина хьехамаш

17 Динан вежарий, аса чIогIа доьху шуьга,
ларлолаш шу декъадалийта а, галдовлийта а
гIертачарех. Букъ берзабелаш шуна бевзинчу
хьехамашна дуьхьал харц хьехамаш бечарна.
18 ХIунда аьлча иштта адамаша вайн Веза Эла
волчу, Дала леррина Къобалвинчуьнна гIуллакх ца
до. Цара шайн гайна гIуллакх до. Шайн
хьестадаларца, къамелаш дан говза хиларца
догцIена долу адамаш Iехадо цара. 19 Хазачу кхоана
шун муьтIахь хилар массарна а гIарадаьлла,
цундела со воккхавеш ву шух. Амма суна шу хила
лаьа диканна – хьекъалалла долуш, ткъа вочунна –
догцIена долуш. 20 СинпаргIато луш волчу Дала
кестта *иблис* шун когашна кIелахь хьоьшуьйтур ду.
Вайн Веза Эла волчу Iийсагара долу дика шуьца
хуьлийла! *Амин*.

† *15:22 Римхошка 1:13.* †† *15:25, 26 1 Коринтхошка 16:1-4.* ‡ *15:27 1 Коринтхошка 9:11.* ‡† *16:3 Векалийн 18:2.*

‡‡ *Юнига *– я иштта: *Юнасе. *Цхьадолчу тептарш тIехь ду: *Юлига.** ‡‡† *16:13 Марк 15:21.* ‡‡‡ *Делан безачу безамца *– ма-дарра аьлча: *беза барт баккхарца.**

21 [†]Маршаллаш доуьйту шуьга соьца цхьаьна гIуллакх деш волчу Тимапис а, сан къомах болчу Лукус а, Ясона а, Соса-Патура а.
22 Маршалла доуьйту шуьга Дала леррина Къобалвинчун волчу сан хIара кехат дIаяздинчу Тертис.
23 [††]Маршалла доуьйту шуьга со а, ерриг а динан тоба а комаьрша тIеоьцуш волчу Гаяса. Маршалла доуьйту шуьга гIалин ахча лардеш волчу Арсатис а, динан вашас Кавартис а [‡].

*† 16:21 Векалийн 16:1. †† 16:23 а: Векалийн 19:29; 1 Коринтхошка 1:14; б: 2 Тимапига 4:20. ‡ Цхьадолчу тептарш тIехь 24-гIа аят тIетоьхна ду: *Вайн Веза Эла волчу, Дала лерина къобалвинчу Iийсагара долу дика шуьца ду. Амин. *Кхидолчу тептарш тIехь иза 27-гIачу аятана тIаьхьа тIетоьхна ду.**

## Дела хаставар

25 Дала леррина къобалвинчу Iийсах лаьцна Ас кхайкхош болчу хазачу кхоэхула Дела ницкъ болуш ву шайн тешар тIехь шу чIагIдан. БIешерашкахь дуьйна дIакъевлина долчу бакъдолчуьнца цхьаьнабогIуш бу и *хаза кхаъ*. 26 И бакъдерг хIинца гучудаьккхина пайхамарийн тептаршкахула. Даима а волуш волчу Делан омрица и къайле дIакхайкхийна массо а халкъашна, Дала леррина къобалвинчу Iийсах уьш тешийтархьама.
27 Абаденналц хастам хуьлийла цхьаъ бен воцучу, хьекъалечу Далла Цо леррина къобалвинчу Iийсагахула! Амин.

# 1 Коринтхошка

### Дешхьалхе

Iийсах тешачу нехан дахарх а, тешарх а лаьцна ду. Коринт-гIалахь ПахIала дIахIоттийначу динан тобанехь Iийсан нехан дахарехь а, тешарехь а цхьайолу халонаш нисъеллера. Цу хенахь Коринт грекахойн йоккха гIала яра. Римхойн долахь болчу Ахай-мехкан коьрта гIала яра иза. Шена чохь йохкаэцар алссам хиларна а, шен бахархой кура хиларна а, сийсаза хIуманаш шена чохь паргIат лелорна а, тайп-тайпана динаш шена чохь лелош хиларна а гIараяьлла яра и гIала.
Векалан коьрта гIайгIанаш хIорш бу: динан тобанехь хуьлу декъадаларш а, сийсазлелар а, иштта нахаца леларца а, зуда ялорца а, маре яхарца а доьзна долу хаттарш, цул сов, эхь-бехк а, динан тобанан гуламехь хила дезаш долу низам а, Делан Сино луш долу похIманаш а, веллачуьра денвалар а. Цу хIуманийн орамашна тIе а кхочуш, векало гойту хазачу кхоо царах лаьцна муха дуьйцу.
Тептаран 13-гIа корта безамах лаьцна бу. Векало гойту, Дала адамашна лучу совгIаташна юкъахь безам уггар диканиг хилар. Иза, схьахетарехь, тептаран уггар шуьйра бевзаш болу корта бу.

1 Делан лаамца Дала леррина къобалвинчу
Iийсан *векал* хила тIекхайкхийнчу ПахIала а,
вайн динан вашас Состанама а яздо хIара кехат.
2 †ХIара кехат оха яздо Коринт-гIаларчу Делан
динан тобане. Дала леррина къобалвинчу Iийсаца
уьйр хиларна, Дала даздинарш ду шу. Иштта,
Делан долахь хила къастийнарш а ду шу, ткъа
шуьца цхьаьна массанхьа а тхан Веза Эла волчу,
Дала леррина къобалвинчу Iийсага кхойкхурш а
иштта тIекхайкхина бу. Тхан Веза Эла хилла а ца
Iаш, Iийса церан а Веза Эла ву.
3 Вайн Да волчу Делера а, Веза Эла волчу, Дала
леррина къобалвинчу Iийсагара а Делан дика а,
синпаргIато а хуьлийла шуна.

### Дала леррина Къобалвинчуьнца хиларо декъалво

4 Ша леррина къобалвинчу Iийсагахула Дала
шуна делла дика бахьана долуш, шуна тIера ас
даим а баркаллаш боху сайн Далла. 5 ХIунда аьлча
Цуьнгахула хилла шу массо а агIор хьал долуш –
аша мел олучу дашца а, шун мел болчу кхетамца а.
6 Дала леррина Къобалвинчух лаьцна шуна дина
тоьшалла шун дахарехь чIагIдаларе терра, 7 Делан
Синера долчу совгIаташкахь кхин цхьана а
тайпана тоам боцуш дац шу, вайн Веза Эла волу,
Дала леррина къобалвина Iийса гучувоккхучу
дийне ладоьгIуш шу хиларна. 8 ТIаьххьара де
тIекхаччалц Цо шу тешарехь чIагIдийр ду, вайн
Веза Эла волу, Дала леррина къобалвина Iийса
вогIун волчу дийнахь шу ала хIума доцуш цIена

† 1:2 Векалийн 18:1.

хилийтархьама. 9 Шен КIантаца, вайн Веза Эла
волчу, Ша леррина къобалвинчу Iийсаца, уьйр
хила шу тIекхайкхина волу Дела тешаме ву.

### Динан тобанехь долу декъадаларш

10 Вайн Веза Эла волчу, Дала леррина
къобалвинчу Iийсан дуьхьа ас чIогIа доьху шуьга,
динан вежарий, аша массара а цхьаъ дийцар,
шайна юкъахь декъадаларш ца хилийтархьама.
Шайн хьекъалшкахь а, ойланашкахь а кхоччуш
цхьаъ хуьлда шу. 11 ХIунда аьлча Халайн
цIерачаьргахула суна хааделла, сан динан
вежарий, шуна юкъахь къийсамаш хилар. 12 ††Со
ала гIертарг хIара ду: шуна юкъахь олу: «Со –
ПахIалехьа ву», «Со – Апа-Лесехьа ву», «Со –
Кипехьа ву», «Со – Iийсагахьа ву». 13 Ткъа *Дала
леррина Къобалвинарг* векъавелирий те? ПахIал
дIатоьхнерий те шун дуьхьа жIарах? Я ПахIалан
дола довлархьама чекхдахийтира те аша шаьш
хих?
14 ‡Аса Далла хастамаш бо, Крисп а, Гаяс а воцург,
шух цхьа а айса хих чекх ца ваккхарна. 15 Цу
тайпана, шух цхьаннан а дац ша сан дола
валархьама хих чекхваккхийтина олийла. 16 (
‡‡Иштта Сетипанан цIеранаш а хих чекхбаьхна ас.
Ткъа айса кхин цхьа а хих чекхваккхар суна дага ца
догIу.) 17 Дала леррина Къобалвинчо нах хих
чекхбаха вахийтина вацара со, ткъа *хаза кхаъ*
кхайкхо вахийтинера. Ткъа адамашна хьалха

*†† 1:12 Векалийн 18:24. ‡ 1:14 а: Векалийн 18:8; б: Векалийн 19:29; Римхошка 16:23. ‡† 1:16 1 Коринтхошка 16:15.*

хьекъалечу дешнашца кхайкхо ца беза аса иза,
Дала леррина Къобалвинчун жIарах дIатохар эрна
ца хилийтархьама.

### Дала леррина Къобалвинарг – Делан ницкъ а, хьекъал а хилар

18 ХIаллакьхуьлуш болчарна Iийса жIарах
дIатохарх лаьцна болу хаам сонта бу. Ткъа
кIелхьардохуш долчу тхуна – иза Делан ницкъ бу.
19 †Делан Йозанашкахь аьлла ду:
«Аса хIаллакдийр ду хьекъалчийн хьекъалалла,
кхетам болчийн кхетам а талхор бу аса».
20 ††Ткъа мичахь ву кху заманара хьекъал дерг,
Iилманча, хьекъале къийсамаш бийриг? Ткъа кху
дуьненахь бехачийн хьекъалаллах ца йина Дала
сонталла?
21 Шен хьекъалаллица Дала билгалдаьккхира
дуьнен чуьра нахана церан хьекъалца Ша
цавовзийтар. Мелхо а, Далла тамехь дара, оцу наха
«сонта» бу бохучу, оха бечу хьехамашца Iийсах
тешнарш кIелхьарбахар. 22 Жуьгташа а доьху
тамашийна билгалонаш гайтар, грекахоша а лоьху
хьекъалалла, 23 ткъа оха дIакхайкхабо кхаъ хIара
бу: Дала леррина Къобалвинарг жIарах дIатоьхна
хилла. И кхаъ жуьгташна Iесалла ю аьлла хета,
кхечу къаьмнех болчарна иза «сонталла» ю аьлла
хета, 24 ткъа Дала тIекхайкхинчарна, уьш шаьш
жуьгтех я грекахойх белахь а, цу кхоан маьIна ду,
Дала леррина Къобалвинарг Делан ницкъ а, Делан
хьекъалалла а хилар. 25 ХIунда аьлча Делан
«сонталла» адамийн хьекъалаллал а тоьлуш ю.
Ткъа Делан «эгIазалла» адамийн нуьцкъалаллал а
ницкъ болуш ю.
26 Динан вежарий, дагаяийтийша Дала шу Шена
тIекхайкхина хан. Адамийн хьесапехь дукха бацара
шуна юкъахь хьекъалалла долуш берш. Дукха
бацара шуна юкъахь нуьцкъалнаш а, дукха бацара
хьалдолчийн тайпанех берш а. 27 Амма Дала кху
дуьненахь сонта хеташ долу хIуманаш къастийна
хьекъалалла долчийн сий дайа, ткъа кху дуьненахь
эгIаза хеташ долу хIуманаш къастийна
ницкъболчеран сий дайа. 28 Кху дуьненахь кIезиг
хета хIуманаш а, сийсаза хета хIуманаш а
къастийна Дала. Дуьненна уьш хIумма а доцу хIума
хетташехь, Дала уьш къастийна, цаьргахула
дуьненна ладам болу хIуманаш хIумма а доцург
хилийтархьама. 29 Цундела Далла хьалха цхьаьнгге
а дозалла ца дало. 30 Иза бахьана долуш ду шу Дала
леррина къобалвинчу Iийсаца хилар! Цуьнгара
хилла вайна Делера долу хьекъалалла. Цуьнгахула
вай Далла хьалха бакъ а до, Дала вай даз а до,
паргIат а доху. 31 ‡Цундела ма яздина Делан
Йозанаш тIехь: «Ша дозалла дечо – Везачу Элах
дозалла де».

### Дала леррина Къобалвинарг жIарах дIатохарх лаьцна болу хьехам

2 Динан вежарий! Шу долчу веанчу хенахь,
Делан къайленах ‡† лаьцна сайн хьекъалца а,
Iилманчин къамелашца а дийца ца веанера со,
2 хIунда аьлча со шуьца волчу ханна суна кхин цхьа
хIума а шуна довзийта ца лиънера, Дала леррина
къобалвинчу Iийсах а, Цуьнан жIара тIехь валарх а
лаьцнарг доцург. 3 ‡‡Сайн дегIан эгIазаллица а,
кхерамца а, чIогIа вегаварца а Iийра со шу
долчохь. 4 Айса аьлла долу дешнаш а, бина болу
хьехам а ца бинера аса адаман хьекъалаллин
говзачу дешнашца шу тешорхьама, амма Делан
Синан ницкъах долчу тоьшаллашца бинера. 5 И
хьехам ас бинера, шун Iийсах долу тешар адамийн
хьекъалаллица доьзна а доцуш, амма Делан
ницкъаца доьзна хилийтархьама.

### Делан хьекъалалла

6 Тешарна тIехь кхоччуш кхиъна болчу нахана
юкъахь хьекъалаллах лаьцна хьехам бо оха. Амма
оха кху дуьненан хьекъалаллах дерг а хьоьхуш дац,
я шайн олалла чекхдала герга болчу, кху дуьненахь
олалла деш болчеран хьекъалаллах а хьоьхуш дац.
7 Ткъа оха дуьйцуш долу хьекъалалла – Делан
къайлаха долу хьекъалалла ду. Иза Дала хIара
дуьне кхоллале дуьйна а вайн сийлаллина
хьажийна хилла. 8 И хьекъалалла кху дуьненахь
олалла деш хилла болчех цхьанна а девзина
дацара, хIунда аьлча шайна иза девзина
хиллехьара, цара вайн сийлаллин Веза Эла жIарах
дIатухур вацара. 9 ‡‡†Амма Делан Йозанашкахь
яздина ма-хиллара:
«Дала Ша везначарна кечдинарг
бIаьргана а ца гина,
лергана а ца хезна,
адамна дага а ца деана».
10 Ткъа вайна Дала Шен Синца дIадиллина иза,
хIунда аьлча Делан Сино дерриг а толлу, ур-атталла
Делан кIоргенаш а. 11 Адамех хьанна хаьа, кхечу
адамна чохь дерг, цу адамна чохь долчу шен синна
бен? Иштта Делан ойланаш а ца евза цхьанна а,
Делан Шен Синна бен. 12 Вай тIеэцнарг кху
дуьненахь болчийн кхетамехь долу са дац, ткъа
Делера схьадолу Са ду, Дала Шегара делларг вайна
довзийтархьама.
13 Оцу дерригенах а лаьцна, вайн адамийн
хьекъало луш долчу дешнашца а доцуш, Делан
Сино хьоьхучу дешнашца дуьйцу. Синца доьзначу
хIуманех Синах буьзна берш кхетабо вай ‡‡‡. 14 Шен
сих бен дуьзна доцучу адамо Делан Сино луш долу
хIуманаш тIе ца оьцу, шена уьш сонта хета дела.
Иза царах кхетийла а дац, Делан Синан гIоьнца бен

† 1:19 ЕшаI-ЯхIу 29:14 (Грекийн). †† 1:20 а: Аюб 12:17; ЕшаI-ЯхIу 19:12; 33:18; б: ЕшаI-ЯхIу 44:25. ‡ 1:31 Ярми-ЯхIу 9:24.

‡† *Делан къайленах* *– цхьадолчу тептарш тIехь яздина ду:* *Делах лаьцна долчу тоьшаллех.* ‡‡ *2:3 Векалийн 18:9.* ‡‡† *2:9 ЕшаI-ЯхIу 64:4.* ‡‡‡ *Я иштта:* *Синца доьзна хIуманаш Синан дешнийн гIоьнца кхетадо.*

уьш къаста ца ло дела. 15 Делан Синца волчунна
массо а хIуманан мах хадо хаьа. Ткъа цу стеган мах
хадо цхьана а адаман йиш яц. 16 †ХIунда аьлча
Делан Йозанашкахь яздина ма ду:
«Везачу Элан хьекъал довза мила кхаьчна?
Цуьнга хьехам бан йиш йолуш мила хир ву?»
Ткъа вайн Дала леррина Къобалвинчун хьекъал
ду.

## Далла гIуллакхдийраш

3 Динан вежарий, аса къамел дечу хенахь, сан
йиш яцара Делан Синах буьзна болчаьрца
санна шуьца къамел дан. Аса кху дуьненара
болчаьрца санна а, Дала леррина
Къобалвинчуьнца йолчу шун уьйре хьаьжжина,
кегий берашца санна а къамел дира шуьца.
2 ††Iовша хала йолу яа хIума а ца луш, шура
малайора аса шуна, хIунда аьлча цкъачунна онда
юург яа ца лора шуьга. Шуьга-м хIинца а яалур яц
иза, 3 шу хIинца а шайн синан лаамашца дехаш
долу дела. Нагахь шуна юкъахь вовшашка хьагI а
хилча, шун вовшашца къийсарш а хилча, тIаккха
шу а ца хуьлу кху дуьненах болчарах? Аша а ца
леладо кху дуьненарчу адамаша леллорг? 4 ‡Нагахь
шух цхьаммо «Со ПахIална тIаьхьахIиттинчарах
ву», ткъа вукхо ша «Апа-Лесинчарах ву» бохуш
хилча, тIаккха шу а ца хуьлу кху дуьненах
болчарах?
5 Ткъа мила ву Апа-Леса? Я мила ву ПахIал?
Тхайгахула шу тешаре далийна долу ялхой бен дац
тхо. Везачу Эло тхаьшна хIоранна тIедиллина
доллучул гIуллакх кхочушдина оха. 6 ‡†Аса хIу
тесира, Апа-Лесас цунна хи туьйхира, амма и хIу
хьалакхиийнарг Дела ву. 7 Цундела и хIу
дIадийнарг а, цунна хи тоьхнарг а цхьа а воцург ву.
Ткъа Дела ладаме ву, хIунда аьлча Иза – и хIу
хьалакхиош Верг ву. 8 ХIу дIадуьйш волчун а, цунна
хи тухуш волчун а цхьатерра Iалашо ю. ХIоранна а,
динчу гIуллакхе хьаьжжина, цунна доггIург дIалур
ду. 9 Тхойшиъ цхьаьна Далла гIуллакх дийриг ву,
ткъа шу Делан аре а, Цуьнан гIишло а ю.
10 Говзачу гIишлоярхочо санна, аса бух боьттира,
Дала сайна деллачу похIме хьаьжжина. Ткъа кхечо
цу бух тIехь гIишло йо. Амма хIорра а ша и гIишло
муха еш ю хьажа веза. 11 ХIунда аьлча цхьаннан а
йиш яц, ша хIинцале болуш болу, Дала леррина
къобалвина Iийса волу бух боцург, кхин бух билла.
12 Оцу бух тIехь деших, я детих, я дезачу тIулгех, я
дечигах, я алах, я чех цхьаъ гIишло еш хила тарло.
13 Царах хIораннан а гIуллакх къематдийнахь
гучудер ду, хIунда аьлча цу дийнан цIеро и
гIуллакх, зен а зуьйш, серла а доккхур ду, цуьнан
мах а гойтур бу. 14 Нагахь санна цхьаммо дина долу
гIуллакхаш, цIеро талха а ца деш, шен меттахь
латтахь, цунна совгIат хир ду. 15 Ткъа нагахь

† *2:16 ЕшаI-ЯхIу 40:13 (Грекийн).* †† *3:2 Iебархошка 5:12, 13.* ‡ *3:4 1 Коринтхошка 1:12.* ‡† *3:6 а: Векалийн 18:4-11; б: Векалийн 18:24-28.*

цхьаммо динарг цIергахь дагахь, цунна эшам хир
бу. Иза ша-м кIелхьарвер ву, амма цIерах
чекхволуш санна вер ву.
16 ‡‡Шуна ца хаьа ткъа, шух хIорра а *Делан цIа*
хилар а, Делан Са шуна чохь дехаш хилар а?
17 Нагахь цхьаммо Делан цIа хIаллакдахь, Дала иза
хIаллаквийр ву, хIунда аьлча Делан цIа Цуьнан
долахь бен дац. Ткъа и Делан цIа шу шаьш ду.
18 Шу Iеха ма лолаш. Шух цхьанна ша, кху
дуьненан хьекъалалле хьаьжжина, хьекъалалла
долуш ву моттахь, тIаккха иза «сонта» хила веза,
ша билггал хьекъале хилархьама. 19 ‡‡†ХIунда аьлча
кху дуьненан хьекъалалла Далла хьалха
«сонталла» ю. *Делан Йозанаш* тIехь яздина ду:
«Хьекъалалла дерш Дала церан шайн хIилланца
схьалоцу». 20 ‡‡‡Кхин а яздина ду: «Везачу Элана
хаьа, хьекъалалла долчеран ойланаш эрна юйла».
21 Цундела цхьаммо а ша цхьана адаман долахь
хиларх дозалла дан ца деза, хIунда аьлча массо а
хIума шун долахь ду, 22 хIуъа а иза делахь а: я
ПахIал, я Апа-Леса, я Кипа, я хIара дуьне, я дахар, я
валар, я хIинца долуш дерг, я хиндерг. И дерриг а
шун долахь ду. 23 Шу Дала леррина Къобалвинчун
долахь ду, ткъа Иза – Делан ву.

## Дала леррина Къобалвинчун векалш

4 Иштта, Дала, тхох теша а тешна, Шен къайле
йолу, билггал бакъдерш караделла болу Дала
леррина Къобалвинчун гIуллакх дийраш санна
тIеэца деза тхо хIораммо а. 2 Ткъа, шех теша а
тешна, и гIуллакх каракхаьчнарг муьлхха а тешаме
хилла каро веза. 3 Сан кIезиг бала бу я аша, я кхечу
адамаша суна кхел ярца. Аса-м айса а ца йо сайна
кхел. 4 Сан дог цIена делахь а, и бахьанехь со
бехказа ца волу. Веза Эла Ша хир ма ву сан
Кхелахо. 5 Цундела хенал хьалха, Веза Эла
схьаваллалц, цхьанна а кхел ма елаш. Цо
серладоккхур ду боданехь къайлададьлларг, деган
Iалашонаш а гучуйохур ю. ТIаккха Дала хIоранна а
хастам дIалур бу.
6 Динан вежарий! Шуна диканиг хилийтархьама,
оцу массо а хIуманна тIехь аса со а, Апа-Леса а
валийра масална, оцу масалшца шу кхеторхьама
«Яздинчунна тIера довла мегар дац» бохучух а,
вовшашна юкъахь цхьаммо вукхунна хьалха
дозаллаш дан ца дезарх а. 7 Хьан боху хьо кхечарал
гIоле ву? Хьан хIун ду, хьайна делларг доцург? Ткъа
хьайна и дерриг а делла хилча, хIунда йо ахьа
кураллаш, иза хьайна делла долу совгIат доцуш
санна?
8 ХIинца-м шайна оьшург долуш ду моьтту шуна
шайн. ХIинца-м шаьш хьал долуш а хета шуна. Тхо
ца хиллехь а, шайх паччахьаш хилла моьтту шуна.
Суна-м лаьара, хIинцале а шу билггал паччахьаш
хилла хилар, тIаккха тхан а шуьца цхьаьна
паччахьалла дойла хир дара! 9 Векалш долу тхо,

‡‡ *3:16 1 Коринтхошка 6:19; 2 Коринтхошка 6:16.* ‡‡† *3:19 Аюб 5:13.* ‡‡‡ *3:20 Забур 93:11.*

Дала уггаре а лараме йоцучу метте дIахIиттийна
аьлла хета суна. Массарна а хьалха
хIаллакьхиларна кхел йинарш санна ду тхо. Кху
дерриге а дуьненна хьалха тхох кхардам хилла –
маликашна а, адамашна а хьалха. 10 Тхо сонтанаш
санна хилла Дала леррина Къобалвинчун дуьхьа,
ткъа шаьш Цуьнца оццул хьекъале ду моьтту шуна!
Тхо гIорасиза, ткъа шу ницкъ болуш хета. Шун сий
до, ткъа тхо сийсаздоху. 11 Оха-м тахханалц а лов
мацалла а, хьогалла а, тIехь хIума цахилар а,
тхайна еттар а, даха хIусам цахилар а. 12 †Оха
тхешан куьйгашца къахьоьгу. Тхох лаьцна наха
вониг дийцича, оха декъалбо уьш. Тхаьш
лелхийча, иза а лов оха. 13 Наха тхо сийсаздаьхча а,
оха царах лаьцна диканиг доьху. Тхо, кху дуьненна
сов а девлла, нехаш санна ду. Тахана а ченан мехах
хета тхо массарна а.
14 Шу сийсаздахархьама ца дуьйцу ас хIара, амма
сайна дезаш долчу берашна санна хьоьху ас шуна.
15 ХIунда аьлча Дала леррина Къобалвинчуьнца
долчу дахарехь шун итт эзар верас велахь а, шу цу
дахаре даьхна болу дай дукха бац шун. Ткъа *хаза
кхаъ* шуьга кхайкхорехула Дала леррина
Къобалвинчуьнца шун да хилла сох. 16 ††Цундела ас
доьху шуьга: сох масал а эций, хилийша сох тера.
17 И дерриге а бахьанехь ваийтинера аса шу долчу
Тимапи. Везачу Элах долчу тешаре хьаьжжина, сан
хьоме а, тешаме а кIант ву иза. Цо дагадоуьйтур ду
шуна Дала леррина къобалвинчу Iийсаца долу со
лела некъаш муха ду а, аса цу некъах лаьцна
массанхьа а, хIорра динан тобанехь а муха хьоьху
а.
18 Со шу долчу вогIур вац моттарна, шуна юкъара
цхьаболчарна даг чу куралла тесна. 19 Амма Везачу
Элан лаам белахь, со кестта вогIур ву шу долчу.
ТIаккха аса, курабевллачеран хазачу дешнашка а
ца хьоьжуш, церан ницкъ зуьйр бу. 20 ХIунда аьлча
*Делан Олалла* хазачу дешнех доьзна дац, амма
ницкъах доьзна ду. 21 Шуна хIун лаьа? Со гIожаца я
безамца а, эсалчу амалца а вогIийла лаьий шаьш
долчу?

### Динан тобанехь сийсазлелар ду

5 ‡Шуна юкъахь, билггал бакъ а долуш, нахаца
лелар юкъадаьлла хилар хезна тхуна. Ур-
атталла дин доцучу нахана юкъахь а иштаниг ца
хуьлучу тайпана хIума ду иза. Шуна юкъара волу
цхьа хьенех шен дестечуьнца лелаш ву боху. 2 Ткъа
шу дозалла деш ду! Цул а гIолехь дара шуна,
гIайгIанах дуьзна хилар а, цу тайпана лелаш верг
шайна юкъара дIаваьккхина хилар а. 3 Со дегIаца
шу долчохь вацахь а, сайн синца шу долчохь волу
дела, аса шуьца волуш санна кхел йина цу тайпана
сийсаза лелаш волчунна. 4 Веза Эла волчу Iийсан
дуьхьа шу цхьаьна гулделлачу хенахь, сан са а хир
ду шуьца, тIаккха вайн Веза Эла волчу Iийсан
олаллица 5 цу тайпана верг иблисан кара дIало,
цуьнан синан лаамаш хIаллак а байтина ‡†, Везачу
Элан дийнахь цуьнан са кIелхьардалийтархьама.
6 ‡‡Аша дозалла дан хIумма а дац. Шуна хууш дац
ткъа: «КIеззиг болчу муьстачу бедо берриг а бод
совсабо»? 7 ‡‡†Шаьш а керла бод санна хилархьама,
ширбелла болу муьста бод дIабаккха. ХIунда аьлча
шу Iийсах тешаш долу дела, совсоза дина бепиг
санна ду. Ткъа *Дала леррина Къобалвинарг*
Пасахьан Iахар санна сагIина дIавелла. 8 ‡‡‡Цундела
вай вешан Пасахьан дезде даздан деза мекарлонца
а, зуламца а доьзна долчу, ширбеллачу муьстачу
бедаца а доцуш, ткъа догцIена хиларца а, билггал
долчу бакъдолчуьнца а доьзна долчу совсоза
динчу баьпкаца.
9 Аса сайн кехата тIехь, сийсаза лелачаьрца
тIекаре ма хила аьлла, яздинера шуьга. 10 Дера
суна-м ца лиънера ала, кху дуьненахь сийсаза
лелаш мел болчаьрца а, сутаралла мел йолчаьрца
а, хьарамло мел лелош болчаьрца а, цIушна Iамал
еш болчаьрца а тIекаре ма е. ТIаккха-м хIара дуьне
дита дезар дара аша. 11 Ткъа аса шуьга яздинарг
хIара дара: ша шун динан ваша ву а бохуш, амма я
сийсаза лелаш, я сутара волуш, я цIушна Iамал еш,
я мотт бетташ, я вехна лелаш, я хьарамло лелош
иза велахь, шун цуьнца тIекаре хила ца еза бохург.
Ишттачу стагаца ур-атталла пхьор а ма даа.
12 §ХIунда аьлча сан хIун гIуллакх ду динан
тобанан юкъа ца богIу нах бехке бан? Царна Дала
Ша йийр ю кхел. Амма динан тобанна юкъавогIург
бехке озо ца веза ткъа аша? *Делан Йозанаш* тIехь
аьлла ма ду: «Телхина леларг шайна юкъара
дIаваккха».

### Дала леррина Къобалвинчух тешачара вовшийн кхеле озор

6 Нагахь санна динан вешица шайн къовсам
хилча, шух мила гIур вара, Делан нах а битина,
Делан лаамехь боцучаьрга шайна кхел яйта?
2 Шуна хууш дац ткъа, Делан наха йийр юйла
дуьненна а кхел? Нагахь шуьга дуьненна а кхел
йойтур йолуш хилча, шайн кIезиг долчу
гIуллакхашна кхел ян говзалла яц те шун? 3 Шуна
ца хаьа, вай йийр юйла маликашна а кхел? ТIаккха
дахаран гIуллакхашна тIехь еш йолу кхел-м
муххале а вай йийр ю. 4 Ткъа аша цу гIуллакхашна
тIехь а динан тобанна юкъахь цхьа а ларам боцучу
арахьарчу нахах шайн кхелахой бо! 5 Шуна эхь
хетийтархьама боху ас хIара: шайн динан
вежаршна юкъахь болчу къийсамашна кхел ялур
йолуш волу цхьа а хьекъале верг вац те шуна
юкъахь? 6 Делахь а вашас шен динан ваша а вуьгу

† *4:12 Векалийн 18:3.* †† *4:16 1 Коринтхошка 11:1; Пилапхошка 3:17.* ‡ *5:1 Карлабаьккхинарг 22:30.*

‡† *Цуьнан синан лаамаш хIаллак а байтина *– я иштта: *цуьнан дегI хIаллак а дайтина.** ‡‡ *5:6 Галатахошка 5:9.* ‡‡† *5:7 Арадаккхар 12:5.* ‡‡‡ *5:8 Арадаккхар 13:7; Карлабаьккхинарг 16:3.* § *5:13 Карлабаьккхинарг 13:5; 17:7 (Грекийн).*

кхел яйта. Ишттa тешар доцучаьрга тешаш
болчарна тIехь кхел йойту аша!
7 Шуна шайна юкъахь къийсамаш хилар а кIорга
эшар ду шуна. Нагахь шайна цхьа харцо йинехь а,
Iад хIунда ца Iа шу? Шайна цхьа эшам хиллехь а,
Iад хIунда ца Iа шу? 8 Аша-м шаьш а йо кхечарна
харцо, царна эшам а бо, уьш шайн динан вежарий
боллушехь! 9 Я шуна ца хаьа те, харцонаш йийраш
Делан Олалле ца кхочийла? Iеха ма лолаш! Сийсаза
лелачарах а, цIушна Iамал ечарах а, нахаца
лелачарах а, вовшашца хьарам дерг лелочу
божарех а, 10 къола дечарах а, сутарачарах а, бехна
лелачарах а, мотт беттачарах а, хьарамлончех а
волу цхьа а Делан Олалле ца кхочу. 11 Цу тайппана
бара шух цхьаберш а. Амма Веза Эла волчу, Дала
леррина къобалвинчу Iийсан цIарца а, вайн Делан
Синца а шу цIан а дина, даз а дина, бакъ а дина.

### ДегI – Делан Синан цIа ду

12 †Цхьаммо ала тарло: «Сан хIуъа а дан бакъо ю».
Иза бакъ хила там бу, амма дерриг а дац хьуна
пайдехь. «Сан хIуъа а дан бакъо ю». ХIаъ, амма
цхьана а хIумане сайна тIехь олалла ца дойту аса.
13 Цхьаммо ала тарло: «Яа хIума а – ген дуьхьа ю,
ткъа ге а – яа хIуманна ду. Эххар а Дала иза а, важа
а хIаллакдийр ду». Делахь а вайн дегI вай
сийсаздаха кхоьллина дац, иза Везачу Элан дуьхьа
ду. Ткъа Везачу Эло вайн догIмаш Iалашдийр ду.
14 Веллачуьра Веза Эла денвина а ца Iаш, Дала Шен
ницкъаца вай а дендийр ду деллачуьра.
15 Ткъа шуна ца хаьа, вайн догIмаш Дала леррина
Къобалвинчун дегIан меженаш юйла? ТIаккха,
Цуьнан меженаш схьа а яьхна, уьш сийсазйохур
юй те ас? ХIан-хIа, иштаниг хуьлийла а дац! 16 ††Я
шуна ца хаьа те, шаьш нахаца леллачу зудчух
дIакхетча, шайн цуьнца цхьа дегI хуьлийла. ХIунда
аьлча аьлла ма ду: «ТIаккха цу шиннах цхьа дегI
хир ду». 17 Ткъа Делах дIауьйш волчун Цуьнца
цхьаьна долу цхьа са а хуьлу.
18 Ларлолаш сийсаздовларх! Адамо латош долу
муьлхха а кхидолу къа дегIах лета къа дац. Ткъа
сийсаза лелачо шен дегIана къилахь долу хIума до.
19 ‡Я шуна ца хаьа те, шайн догIмаш шуна чохь
долчу а, Дала делла долчу а Делан Синан цIа
дуйла? Шу шайн долахь ма дац! 20 ХIунда аьлча,
беза мах а белла, эцна ду шу. Цундела шайн
догIмашца Делан сий делаш!

### Зудаялорах лаьцна

**7** Аша соьга яздинчух лаьцна аьлча, аша боху:
«Стагана зудчух ца хьакхавелча гIолехь ду».
2 Амма сийсазваьлла ца лелархьама, хIора стеган а
шен долахь зуда хила еза. ХIора зудчун а шен
майра хила веза. 3 Майрачо шен зудчун дегIан
лаам кхочушбан беза. Ишттa зудчо а кхочушбан
беза майрачун дегIан лаам. 4 Зудчун дегI цуьнан
шен долахь дац, иза майрачун долахь ду. Цу
тайппана майрачун дегI а цуьнан шен долахь дац,
иза цуьнан зудчун долахь ду. 5 Вовшашца бинчу
бартаца шаьш доIа дан лоруш билгалъяьккхинчу
ханна бен, вовшех ма къахка. Цул тIаьхьа юха а
цхьаьна хила, шун собар цахиларехула иблисе
шаьш ца зейтархьама.
6 Иза аса шуна тIе ца дуьллу, амма иза ишттa
хилча магош долу хIума ду аьлла боху аса. 7 Суна-м
массо а адам со санна хила лаьара, делахь а
хIоранна а Дала шен-шен похIма делла: цхьанна –
цхьаъ, вукхунна – важа.
8 Ткъа зударий белла бисинчаьрга ‡† а, бисина Iаш
болчу зударшка а аса боху: «Царна со санна Iер
гIолехь ду». 9 Амма шаьш ишттa ца Iалахь, цара
зуда яло еза. ДегIан лаамашка ша хьийза а войтуш
вехачул, зуда ялаяр гIолехь ду.
10 ‡‡Зударий балийначарна а, маре баханчарна а
аса тIедуьллу (ткъа иза соьгара сайгара дац, амма
Везачу Элера ду), зуда шен майрачух дIа ма къаста
аьлла. 11 Ша дIакъастахь, я кхин маре ма де, я шен
майрачуьнца барт а бина, цуьнга юхагIо. Ткъа
майрачо а шен зуда ма йита.
12 Ткъа кхидолчу адамашка аса боху (иза Везачу
Элера а доцуш, сайгара ду), нагахь динан вешин
Iийсах тешар доцу зуда елахь, иза цуьнца яха реза
а елахь, цу зудчух дIакъаста ца веза и стаг.
13 Ишттa, Iийсах тешаш йолчу зудчун тешар доцу
майра велахь, амма иза цуьнца ваха реза велахь,
шен майрачух дIакъаста ца еза и зуда. 14 ХIунда
аьлча тешар доцу майра тешар долчу
зудчуьнгахула вазво. Ткъа тешар доцу зуда а язйо
тешар долчу цуьнан майрачуьнгахула. Иза ишттa
ца хилча, церан бераш Далла хьалха цIена хир
дацара, ткъа хIинца уьш Дала даздина ду. 15 Нагахь
Iийсах тешар доцург шен зудчух дIакъаста лууш
велахь, я ишттa тешар доцу зуда майрачух
дIакъаста лууш елахь, уьш дIакъастийта. ХIунда
аьлча я динан ваша а, я динан йиша а оцу
гIуллакхна дихкина дац. Везачу Эло вай вовшашца
бертахь дахаре ма кхайкхина. 16 Хьанна хаьа, зудчо
шен майра кIелхьарваккха а ма тарло. Я стага а
шен зуда кIелхьаръяккха мега.

### Ша Дала тIекхайкхинчу дахарехь висар

17 ХIорра а стаг шена Дала билгалдаьккхинчу
тайпана ваха веза, ша Везачу Эло тIекхайкхинчу
дахарехь виса веза. Изза тIедуьллу аса массо а
динан тобанашна а. 18 Нагахь Дала керлачу дахаре
тIекхайкхале хьо сунтвина хиллехь – и билгало
дIаяккха ма гIерта. Ткъа нагахь хьо цу хенахь
сунтвина ца хиллехь – сунтвайта ца оьшу.
19 Сунтвина хилар а, сунтваза хилар а – хIумма а
доцург ду. Ткъа цул а коьртаниг ду Делан парзаш

† 6:12 1 Коринтхошка 10:23. †† 6:16 Доладалар 2:24. ‡ 6:19 1 Коринтхошка 3:16; 2 Коринтхошка 6:16.

‡† *Зударий белла бисинчаьрга *– я ишттa: *зуда ялоза болчаьрга.** ‡‡ 7:10, 11 Маттай 5:32; 19:9; Марк 10:11, 12; Лака 16:18.

кхочушдар. [20] ХIорра а, Дала керлачу дахаре
тIекхайкхале, ша хиллачу хьолехь виса веза.
[21] Нагахь цу хенахь хьо лай хиллехь, хIумма а дац,
цунах оза ма ло. Амма паргIатвала хьайн аьтто
белахь, паргIатвала а хьажа. [22] ХIунда аьлча Везачу
Эло керлачу дахаре тIекхайкхинчул тIаьхьа лай
Везачу Элана хьалха паргIат ву. Ткъа тIекхайкхале
паргIат хилларг – хIинца Дала леррина
Къобалвинчун лай ву. [23] Шайх адамийн леш ма
хилийталаш, хIунда аьлча шух беза мах белла.
[24] Динан вежарий! Далла хьалха хIорра а Везачу
Эло керлачу дахаре тIекхайкхале ша хиллачу
хьолехь виса.

## Зуда ялоза а, маре бахаза а болчарах лаьцна

[25] Ткъа зуда ялоза я маре бахаза болчаьрга,
Везачу Эло тIедиллина ду аьлла, тIетоха хIумма а
дац сан. Амма Везачу Эло сох къинхетам барна,
тешаме хила таро йолчу аса сайна хетарг боху.
[26] Суна схьахетарехь, адаман хIинца хуьлуш болу
массо а баланашка хьаьжча, цунна ша хIинццалц
хиллачу хьолехь висар гIолехь ду. [27] Айхьа
зудчуьнга захало дийцинехь, цунах дIакъаста ма
гIерта. Ткъа айхьа зудчуьнга захало ца дийцинехь,
хьайна зуда ма леха. [28] Делахь а ахьа зуда ялаяхь а
– иза къилахь дац. ЙоI маре яхар а къилахь дац.
Амма цара кху дахарехь чIогIа баланаш хьоьгур бу.
Ткъа суна цу баланех шу лардан лаьара.
[29] Динан вежарий! Аса хIара боху шуьга: хан
кIезиг йисна, цундела хIинца дуьйна зударий
балийнарш а, шайн зударий боцуш санна хила
беза. [30] Шух боьлхуш берш а ца боьлхуш санна
хила беза. Хазахетар хилларш а хаза ца хетча
санна хила беза. ХIума оьцурш а и эцнарг шайн
долахь доцуш санна хила беза. [31] Кху дуьненах дика
схьаоьцурш, шу а иза совдерг доцуш санна, даха ца
деза, хIунда аьлча тахана долуш долу дуьне
дIадолуш ду.
[32] Суна-м шун цхьана а хIуманна тIехь гIайгIа ца
хила лаьа. Зуда ялоза верг, Везачу Элан лаам
кхочушбан лууш, Цунна дечу гIуллакхна
гIайгIанехь ву. [33] Ткъа зуда ерг дуьненан
гIуллакххийн гIайгIанехь ву. Иза шен зудчун лаамаш
кхочушбан гIерта. [34] Цу тайпана цуьнан гIайгIанаш
екъало. Маре яхаза ерг, Везачу Элан лаам
кхочушбан гIерташ, Цунна гIайгIанехь хуьлу, шен
дегIаца а, шен синца а Цунна тешаме хила лууш.
Ткъа марехь йолу зуда кху дуьненан гIуллакххийн
гIайгIанехь хуьлу, шен майрачун лаамаш муха
кхочушбийр бара те бохуш.
[35] Аса и дерриг а шуна пайденна дуьйцу, шуна иза
дехкархьама а доцуш. Мелхо а, суна лаьа, шун
лелар оьзда хила а, Везачу Элана тешаме хила а,
кхечу хIуманна тIе ойла ца йохуьйтуш.
[36] Нагахь ша захало дийцина йоI цIахь йитар
бегIийла ца хетахь, цуьнца хиларан лаам цуьнан
сов боккха белахь, и захало хила мегар ду. Цу стаге
и йоIстаг ялаяйта, иза къилахь дац. [37] Амма нагахь
цу стага ша захало дийцина йоI ца яло шен дагахь
кхин хийцалур боцучу тайпана сацам а бинехь,
нагахь цхьаммо а и гIуллакх цунна тIедиллина а
дацахь, нагахь цу тIехь цуьнан лаам а белахь, и
сацам даггара а белахь, цо дийриг дика гIуллакх ду.
[38] Ша захало дийцина йоI ялош волчо дийриг а
дика хIума ду, ткъа иза ялош воцчо дийриг кхин а
гIолехь ду.
[39] Марехь йолу зуда, шен майра дийна мел ву,
бакъонашца йихкина ю. Нагахь майра веллехь,
шена луъучуьнга маре яха магош ду цунна, амма и
стаг Везачу Элан долахь хила веза. [40] Кхин а дика
ду, иза маре а ца йоьдуш Iийча. Иштта ю сан цунах
йолу ойла, ткъа сайна чохь долчу Делан Сино со
цунна тIе валаво аьлла хета суна.

## ЦIушна сагIина еана яа хIума яарх лаьцна

8 ЦIушна сагIина еана йолчу яа хIуманах лаьцна
аша соьга яздинчух ала лаьара суна. Хууш ду-
кх, олуш ма-ду: «Вайн массеран а кхетам бу». Амма
кхетам хиларо адам курадоккху, ткъа безамо иза
синца чIагIдо. [2] Нагахь цхьанна шена цхьа хIума
девза моттахь а, цунна хIинца а довза ма-деззара
хIумма а ца девза. [3] Ткъа цхьанна Дела везаш
велахь, иза Далла вевзина.
[4] Цу тайпана цIушна сагIина еанчу юучу хIуманах
лаьцна хууш ду-кх, кху дуьненахь цIу хIумма а
воцург вуйла а, иштта, цхьа Дела воцург, кхин Дела
воцийла а. [5] Лаьттахь я стигалахь бехаш «деланаш»
хуьлу олу. И «деланаш» а, «беза элий» а дукха
белахь а, [6] вайна иштта ду:
Дела цхьаъ бен вац вайн,
Иза Да ву вайн,
массо а хIума Цуьнгара хилла а ду,
вай Цуьнан дуьхьа дехаш а ду.
Иштта Веза Эла а цхьаъ бен вац вайн.
Иза Дала леррина къобалвина Iийса ву,
Цуьнгахула массо хIума хилла а ду,
вай Цуьнгахула дехаш а ду.
[7] Делахь а цу бакъдолчух берриш а ца кхета.
ЦIушна Iамал яран Iадат цхьаболчарна хIинца а
чулацам болуш хета. ЦIушна сагIина еана йолу
юург а юуш, цара иза деланашна къобалйина
йолуш санна лору, цундела церан кIеда дегнаш
Далла хьалха бехло. [8] Юучу хIумано вай Далла улло
ца даладо. Юург цаярца вай хIумма а ца дойу,
ткъа иза йиъча а, вайна гIоле а ца хуьлу.
[9] Делахь а шу ларлолаш, тешарехь чIагIделла
доцурш, шаьш паргIато лелочу хIуманна тIехь, Iеха
а делла, къинош летадарх. [10] ХIунда аьлча нагахь
оцу кIеда дог долчунна, хьайн оццул «кхетам»
боллушехь, ахьа а цIушна Iамал ечу цIа чохь юург
юуш гича, тIаккха, ша а яа мегар ду аьлла, хетар
дуй те цунна и цIушна сагIина еана йолу юург?
[11] ТIаккха хьан «кхетам» бахьана долуш, шен
дуьхьа *Дала леррина Къобалвинарг* велла волу, и
кIеда дог долуш волу хьан динан ваша хIаллакьхир
ву. [12] Шайн динан вежаршна дуьхьал цу тайпана

долу къа латадарца, церан кIедачу дегнашна чов а
еш, аша Дала леррина Къобалвинчунна дуьхьал
къа латадо. 13 Цундела айса оцу юучуьнца сайн
динан веше къа латадойтуш делахь, аса цкъа а
дуур дац иштта долу жижиг, сайн веше къа ца
латадайта.

### Векалан бакъонаш а, декхарш а

9 Со паргIат вац ткъа? Со векал а вац ткъа? Суна
гина вацара вайн Веза Эла волу Iийса? Шу дац
ткъа Везачу Эло соьгахула къахьегарца Цунна тIе
далийнарш? 2 Кхечарна со векал вацахь а, шуна ма
ву со векал. ХIунда аьлча со векал хиларан
тоьшалла ду – шу Везачу Элаца хилар.
3 Сайн мах хадош болчарна дуьхьал даккха хIара
ду сан. 4 Яа а, мала а бакъо йоцуш-м дац тхо?
5 Кхиболчу векалша а, Iийсан нанас бинчу кхечу
вежарша а, Кипас а санна, динан йижарех цхьацца
тхаьшна яла а йина, тхайца цхьаьна уьш бига
бакъо яцара тхан а? 6 Я аса а, Бар-Нааба а бен болх
бан безаш бацара ткъа? 7 Муьлххачу тIемалочо, ша
эскарехь гIуллакх дечу хенахь, ша-шен гIайгIа бо?
Муьлхачу кемсашлелорхочо, кемсаш дIа а йоьгIна,
церан стоьмаш ца боу? Муьлхачу Iуьно шен жена
юкъарчу жийно елла шура ца молу?
8 Адамаша олучу тайпана хилла Iай те аса бохург?
Изза ца боху товрат-хьехамаша а? 9 †ХIунда аьлча
Муса-пайхамаран товрат-хьехамаш тIехь яздина
ду: «Оручу стеран бага дIа ма къовла». Стерчийн
бала кхаьчна аьллий те Дала иза? 10 Вайн бала а
кхаьчна, ца боху ткъа Дала иза? Дера боху вайна
диканна, хIунда аьлча охана деш волчо а, оруш
волчо а къахьоьгу, шаьш бинчу белхан дакъа
шайна кхачаран дегайовхо йолуш. 11 ††Шун
синошна оьшуш долу хIу оха тесна хилча, тIех зен
дой те оха шуна, тхайн дегIана оьшуш долу ялта
шуьгара хьаькхча? 12 Кхечеран а шуна юкъахь
иштта бакъонаш хилча, ткъа тхан церан чул а сов
яц и бакъонаш?
Амма оха, мелхо а, тхайн оцу бакъонашка а ца
хьоьжуш, тхайна тIе мел деанарг лов, Дала
леррина Къобалвинчух лаьцна болу *хаза кхаъ*
дIакхайкхош, тхайгахьара цхьа а новкъарло ца
хилийтархьама. 13 ‡Шуна хууш дац ткъа, Делан
цIийнан кертахь гIуллакх деш берш цига еанчух
бехаш хилар? Ткъа сагIа доккхучу кхерчана тIехь
гIуллакх деш болчара а цу сагIина деанчух дакъа
шайна дIаоьций? 14 ‡†Иштта хаза кхаъ кхайкхош
болчарах лаьцна Везачу Эло тIедиллина, хаза кхаъ
кхайкхош кхаьчначух баха беза уьш аьлла.
15 Амма аса-м цу бакъонех цхьа а сайн дуьхьа
аьлла схьа ца эцна. Сайн бала а кхаьчна, и
бакъонаш сайна оьшучунна хилийтархьама
яздина дац аса хIара дешнаш. Суна валар а гIолехь
ду-кх, сан и дозалла дан йиш хилар цхьаммо
соьгара дIадоккхучул. 16 Айса хаза кхаъ кхайкхош
бу аьлла, цхьа а дозалла ца до ас, хIунда аьлча иза
сан декхар ду. Ма декъаза хир вара со, аса хаза
кхаъ кхайкхош бацахьара! 17 Аса, сайн лаам а
болуш, и гIуллакх деш делахьара, Делера совгIат
хир дара суна. Ткъа сайн лаамехь а доцуш, аса иза
деш хилча, тIаккха сайна тIедиллина долу гIуллакх
кхочушдо аса. 18 Ткъа сан совгIат муьлха ду? Айса
хаза кхаъ дIакхайкхабарна дуьхьал хIумма а ца
дехар. Цу тайпана, айса хаза кхаъ кхайкхочу
гIуллакх тIехь сайна йогIуш йолчу бакъонех цхьа а
ца лелийна аса.
19 Массарах а паргIат воллушехь, массарна а
хьалха лолла вахана со, царах дукххаберш
тIебверзорхьама. 20 Жуьгтий болчохь со жуьгти
санна вехира, уьш Дала леррина Къобалвинчунна
тIебверзорхьама. Товрат-хьехамийн бакъонаш
ларъеш болчаьрца а бакъонаш ларйийриг санна
вехира со, уьш а Цунна тIебверзорхьама, цу
бакъонийн лаамехь со воццушехь. 21 Товрат-
хьехамийн бакъонаш лар ца еш болчаьрца – и
бакъонаш лар ца еш верг санна хуьлура со, уьш а
Цунна тIебверзорхьама. ХIетте а, Делан бакъонаш
лар ца еш-м ца лелара со, Дала леррина
Къобалвинчун бакъонашна со муьтIахь волу дела.
22 Тешарехь чIагIбелла боцучаьрца чIагIвелла
воцург санна хуьлура со, уьш тешарехь
чIагIбархьама. Массарна а хьалха массо а санна
хуьлура со, сайн мел долчу хьуьнаршца, царах
цхьаберш баьхна а, кIелхьарбахархьама. 23 И
дерриг а хазачу кхоан дуьхьа до аса, со а цунах
хиндолчу диканан декъахь хилийтархьама.
24 Шуна хууш дац къовсадаларшкахь бовдучу
хенахь массо а цхьатерра бовдий, амма совгIат
царах цхьанна бен ца лой? Цундела шаьш довда
ма-дезза довдалаш, и совгIат шайна
кхачийтархьама. 25 Оцу къовсамашкахь дакъа
лоцуш болчара шаьш массо а хIуманна тIехь
юхаузу. Уьш иштта лела, телхина дIадер долу
толаман *таж* шайна кхачийтархьама, ткъа вай
иштта лела, ваьшна телхар доцу таж
кхачийтархьама. 26 Цундела со, шена хьалха цхьа
Iалашо хIоттийна воцург санна, вада а ца воду,
хIаваана куьг детташ верг санна, лата а ца лета.
27 Мелхо а, аса, сайн дегI кхоа а ца деш, цунна тIехь
олалла до, кхечарна хаза кхаъ а кхайкхийна, со
юьстахваьлла ца висархьама.

### ЦIушна Iамалъярх ларлолаш

10 ‡‡Динан вежарий! Вайн берриг а дай
мархийн бIогIамо ларбина хилар а, хIорда
бухарчу лаьтта тIехула чекхбевлла хилар а шуна
дагадаийта лаьа суна. 2 Уьш берриш а, мархах а,
хIордах а чекх а бевлла, Мусаца
цхьаьнакхетийтина. 3 ‡‡†Цара массара а цхьатерра
болу синан кхача а биъна. 4 ‡‡‡Иштта цара массара а

† 9:9 *Карлабаькkхинарг 25:4; 1 Тимапига 5:18.* †† 9:11 *Римхошка 15:27.* ‡ 9:13 *Карлабаькkхинарг 18:1.* ‡† 9:14 *Маттай 10:10; Лака 10:7.*

‡‡ 10:1 *а: Арадаккхар 13:21, 22; б: Арадаккхар 14:22-29.* ‡‡† 10:3 *Арадаккхар 16:35.* ‡‡‡ 10:4 *Арадаккхар 17:6; Лелар 20:11.*

цхьатерра синна оьшуш долу малар а мелла,
хIунда аьлча цара шайца лелош болчу
тамашийначу тIулгах схьадолу хи молура. Ткъа и
ТIулг бара – *Дала леррина Къобалвинарг*. 5 †Амма
царах дукххаболчарна Дела реза ца хилла, церан
декъий яьссачу аренгахула дIасадаржийна хилла.
6 ††И дерриг вайна масална хилла дара, вайн а,
церан санна, вониг дан лаам ца хилийта. 7 ‡Вайн
дайх цхьаберш санна, цIушна Iамал еш ма
хилалаш. *Делан Йозанаш* тIехь царах лаьцна
яздина ду: «Адамаш яа а, мала а охьахевшира,
тIаккха шайн самукъадаккха хьалагIевттира уьш».
8 ‡†Царах цхьаболчара лелийнарг а лелийна,
сийсаза ма довла вай! Оцу цхьана дийнахь царах
ткъе кхо эзар стаг хIаллакьхилира. 9 ‡‡Дела зе а
гIоьртина, лаьхьарчаша байина болу царах
цхьаберш санна, вай а ма гIерта Дала леррина
Къобалвинарг ‡‡† зе. 10 ‡‡‡Инкарлонаш йинчу царах
цхьаболчарах ма тарлолаш – уьш мулкалмото
хIаллак ма бина.
11 Царна хилларг дерриг а вукхарна масал дало
хиллера. Заманийн чаккхе тIекхаьчначу хенахь Iен
долчу вайга, дIахьедар а деш, иштаниг ца
дайтархьама яздина ду иза.
12 Цундела ша когаш тIе ондда дIахIоьттина ву
моьттуш верг охьавожарх ларвала веза. 13 Шуна
тIедеана долу зер массо а адамна тIехIуттуш дерг
бен дац. Ткъа Дела тешаме ву, аша ловр доцург лур
дац Цо шуна. Амма шу зуьйш долчу хенахь,
тIехIотта онда бух лур бу Цо шуна, иза лан шун
ницкъ хилийтархьама.
14 Иштта, сан хьоменаш, цIушна Iамалъярх
ларлолаш! 15 Аса кхетам болчаьрга санна боху
шуьга. Шаьш а ойла ел аша, аса бохург нийса ду я
дац. 16 §Шеца Далла хастамаш а беш, Везачу Элан
пхьуьйренехь лелош болу кад бац ткъа Дала
леррина Къобалвинчун цIийца вайн дакъалацар
дийриг? Вай дохош долу бепиг а дац ткъа Дала
леррина Къобалвинчун дегIаца вайн дакъалацар
дийриг? 17 Бепиг цхьаъ долу дела, дуккха а долу вай
а цхьа дегI санна ду. Вай массо а цхьана баьпках
дакъалоцуш ма ду.
18 §†Хьовсал Исраилан халкъе – царах сагIина еана
хIума юуш берш а ца хуьлу ткъа берриге а цу сагIа
доккхучу кхерчана тIейиллинчу сагIина еанчу
хIуманан декъашхой? 19 ТIаккха аса бохург хIун ду?
Дуй те иза цIу цхьа хIума ю бохург? Я цIунна
сагIина еанарг а юй те цхьа хIума ю аьлла хIума?
20 §††Дац! Амма дин доцучара сагIина яхьа хIума,
Далла а ца яхьаш, жинашна яхьа. Ткъа суна ца
лаьа, аша жинашца дакъа а лоцуш, шу цаьрца
тайна хила. 21 Аша молийла ма дац шинна а кедара:
цкъа Везачу Элан кеда чуьра, тIаккха жинийн кеда
чуьра. Доийла ма дац аша цхьаьний Везачу Элан
пхьор а, жинийн пхьор а. 22 §‡Вай даьхьар дуй те
Везачу Элан вайга эмгаралла хилийта? Цул а ницкъ
болуш ду ткъа вай?
23 §‡†«Дерриг а дан бакъо ю вайн» – олуш ду. Иза
бакъ хила там бу, амма массо а хIума дац вайна
пайдехь. «Дерриг а дан бакъо ю вайн». ХIаъ, ю,
амма оцу дерригено а синца чIагI ца во. 24 Цхьаммо
а ма лахалаш шайна пайдехь дерг, амма хIораммо
а кхиболчарна пайдехь дерг лахалаш.
25 Шайн эхь-бехке хьаьвссина, цхьа а хаттар ца
деш, базарахь духкуш долу муьлхха а жижиг даа
мегар ду аша. 26 §†Делан Йозанашкахь яздина ма ду:
«Латта а, цу тIехь мел дерг а Везачу Элан ду».
27 Нагахь Делах тешаш воцучу накъосто дуьйла а
аьлла, шу и волчу дахча, цо шайга яа аьлларг,
шайн эхь-бехке хьаьвссина, цхьа а хаттар ца деш
яа. 28 Амма цхьаммо и юуш ерг цIушна сагIина
еанчух ю алахь, тIаккха шайга и аьллачун дуьхьа а,
деган паргIатонан дуьхьа а и юург ма яа. 29 Шун
деган паргIатонах а доцуш, ткъа вукхун
паргIатонах лаьцна боху аса иза.
Ткъа сан паргIато хIун бахьанехь емалйина хила
еза кхечун даго? 30 Нагахь аса, Далла баркалла а
бохуш, и юург тIеоьцуш хилча, аса баркалла
баьхнарг бахьана долуш со емал хьан вийр вара?
31 Иштта шаьш юуш я молуш делахь а, я кхидолу
муьлхха а гIуллакх деш делахь а, Делан сийлаллин
дуьхьа де. 32 Дуьхьало ма елаш жуьгташна а,
грекахошна а, Делан долахь йолчу ерриге а Iийсах
тешаш болчеран тобанна а, 33 амма, аса массарна
а, массо а хIуманна тIехь царна луъург даре терра,
лелалаш шу а. Сайна пайдехь дерг а ца лоьхуш,
дукххаболчарна пайдехь дерг до аса, уьш а
кIелхьарбовлийтархьама.
11 §‡Сох тера хила гIерталаш, со а Дала леррина
Къобалвинчух тера хила ма-гIерттара.

### Коьрта тIе хIума тилларх лаьцна

2 Аса хастадо шу, даим а со шуна дагаварна а, аса
шайна ма-даллара, аша ламасташ лардарна а.
3 Амма суна шуьга дIахаийта лаьа, хIора боьршачу
стагана коьртехь верг *Дала леррина Къобалвинарг*
хилар. Зудчунна коьртехь – майра ву. Ткъа Дала
леррина Къобалвинчун коьртехь верг Дела ву.
4 ДоIа дечу я Делера болу хаам бовзуьйтучу хенахь
боьршачу стага коьрта тIе хIума тиллинехь, цо шен
коьртана юьхьIаьржо тIейоуьйту. 5 Ткъа муьлххачу
а, шен коьрта тIехь хIума а йоцуш, доIа деш я
Делера болу хаам бовзуьйтуш йолчу зудчо шен
коьртана юьхьIаьржо тIейоуьйту. Иза корта
баьшна йолчу зудчух тарло. 6 Нагахь зудчунна шен
коьрта тIе хIума тилла ца лаахь, цо шен корта баша
а мегар ду. Амма нагахь зудчунна шен корта
баьшна я лергина хилча эхь хетахь, цо шен коьрта

*† 10:5 Лелар 14:29, 30. †† 10:6 Лелар 11:4. ‡ 10:7 Арадаккхар 32:6. ‡† 10:8 Лелар 25:1-18. ‡‡ 10:9 Лелар 21:5, 6. ‡‡† Дала леррина Къобалвинарг *– цхьадолчу тептарш тIехь дIаяздина ду: *Веза Эла.* ‡‡‡ 10:10 Лелар 16:41-49. § 10:16 Маттай 26:26-28; Марк 14:22-24; Лака 22:19, 20. §† 10:18 Iамалъяр 7:6. §†† 10:20 Карлабаьккхинарг 32:17 (Грекийн).*

*§‡ 10:22 Карлабаьккхинарг 32:21. §‡† 10:23 1 Коринтхошка 6:12. §† 10:26 Забур 23:1. §‡ 11:1 1 Коринтхошка 4:16; Пилапхошка 3:17.*

тIе хIума тилла еза. 7 †Цхьана агIор боьршачу стага
шен коьрта тIе хIума тилла ца еза, ша Делан васт а,
Цуьнан сийлалла а йолу дела. Вукху агIор зуда шен
майрачун сийлалла ю. 8 ††ХIунда аьлча стаг зудчух
вина вац, ткъа зуда ю стагах йина. 9 Стаг зудчун
дуьхьа кхоьллина вац, амма зуда ю стеган дуьхьа
кхоьллина. 10 Цундела зудчун коьрта тIе тиллина
хIума хила еза, шена тIехь долу олалла
билгалдаккха а, маликашна хьалха а ‡. 11 Делахь а,
Везачу Элаца долчу вайн дахаре хьаьжжина, зуда а
стаг воцуш хиларх хIумма а дац, ткъа стаг а зуда
йоцуш хиларх хIумма а дац. 12 ХIунда аьлча зуда
стагах йина ма-хиллара, стаг а ву зудчо вина. Ткъа
и дерриг а – Делера ду.
13 ТIаккха шаьш а ойла ел аша: оьзда хир дуй те,
зудчо Деле доIа дечу хенахь, цуьнан коьрта тIе
тиллина хIума ца хилча? 14 Дуьненан Iаламо ша а
ца хьоьху вайна, боьршачу стага шен месаш
яхъялийтича, иза цунна шена юьхьIаьржонна
дуйла? 15 Ткъа зудчо еха месаш лелийча – цунна
сийлахь ду, хIунда аьлча еха месаш елла ю цунна,
коьрта тIе тиллина хIума санна. 16 Цхьаболчарна-м
цунах лаьцна соьца къовса а луург хир дара, амма,
аса аьлларг доцург, кхин тайпана ламасташ дац я
тхан а, я Делан долахь йолчу массо а Iийсах
тешначийн тобанийн а.

## Везачу Элан пхьорах лаьцна

(Маттай 26:26-29; Марк 14:22-25; Лака 22:14-20)

17 Аса кхин а цхьа хIума тIедуьллу шуна. ХIинца
хаста а ца до ас шу, хIунда аьлча шун гуламаша,
диканиг дахьачун метта, вониг дахьа. 18 Цкъа
хьалха аса сайна хезначух лаьцна эр ду. Шу
цхьаьна гулделлачу хенахь шуна юкъахь
декъадаларш хуьлу боху. Цунах со цхьажимма
теша а теша. 19 (Цу тайпана долу декъадаларш хила
а деза шун, шайна юкъара билггал тешаш берш
гучубахархьама.) 20 Шаьш цхьаьна гуллучу хенахь,
билггал Везачу Элан пхьор даа гулделча санна ца
гулло шу. 21 ХIунда аьлча шу шаьш еана йолу яа
хIума яа сихло. ТIаккха цхьаберш меца буьсу, ткъа
вуьш чагIаро бахабо. 22 Юург яа а, мерг мала а
шайн цIенош дац те шун? Я Делан долахь йолчу
массо а Iийсах тешначийн тобанах шу дешаш дац
те? Я мисканаш дегаза хета те шуна? ХIун ала деза
те аса шуьга? Хастор дуй те ас шу и бахьанехь? Аса
и гIуллакхаш бахьанехь хастор дац шу.
23 ХIунда аьлча аса Везачу Элера Шеггара
схьаэцна айса шуна делларг. Шена ямартло йинчу
буса Веза Эла волчу Iийсас, бепиг схьа а эцна,
24 Далла хастам а бина, иза декъа а декъна, элира:
«ХIара Сан дегI ду, шун дуьхьа дIалун долу. Иштта
делаш, Со дагалацархьама». 25 ‡†Уьш пхьор диъна
бевлча, Цо, чагIаран кад схьа а эцна, элира: «Сан
цIийца бинчу керлачу бертан кад бу хIара. Шаьш
иза мосазза молу, Со дагалацархьама, иштта
делаш». 26 ХIунда аьлча шаьш хIара бепиг мосазза
доу а, хIара кад мосазза молу а, Веза Эла
схьаваллалц, Цуьнан валар кхайкхадо аша.
27 Цундела нагахь цхьаммо хIара бепиг даар а,
Везачу Элан кад малар а лело хьакъ ма-дарра ца
леладахь, иза Везачу Элан дегIана а, Цуьнан
цIийна а дуьхьал къа латорна бехке хир ву.
28 Стага ша-шен зен веза, ткъа цул тIаьхьа цо и
бепиг а доийла, и кад а молийла. 29 ХIунда аьлча
нагахь санна цхьаммо, Дала леррина
Къобалвинчун дегI а ца лоруш, юуш а, молуш а
елахь, иза шена кхелана юуш а, молуш а ву.
30 Цундела шух дукхахдерш гIоразa а, цомгуш а
хуьлу, цхьаберш бала а ле. 31 Нагахь вай ваьш
зуьйш делахьара, Везачу Эло йийр яцара вайна
кхел. 32 Ткъа вайна тIехь Цо кхел еш хилча, вай
нисдеш долу таIзар хуьлу вайна, дуьненах
кхечаьрца цхьаьна вайна кхел йина ца
хилийтархьама.
33 Иштта, сан динан вежарий, шаьш Везачу Элан
пхьор даа гулделча, вовшашка ладогIалаш, и даа
сих а ца луш. 34 Нагахь санна шух цхьаъ меца
велахь, шайн цIахь яа юург, гуламехь иза шуна
кхелъярна ца хилийтархьама.
Ткъа дисна гIуллакхаш со дIавеанчу хенахь
нисдийр ду аса.

## Делан Синера долу похIманаш

12 Ткъа хIинца, динан вежарий, Делан Сино
луш долчарах лаьцна эр ду ас.
Суна ца лаьа, царах лаьцна дерг шуна ца хууш
дуьсийла. 2 Шуна хаьа, шу Делах ца тешаш хиллачу
хенахь, мотт ца хуучу цIуша, шайгахьа а дерзош,
тилийна лелийнийла. 3 Цундела аса шуьга боху,
Делан Синехула ша бохуш волчу цхьаьнгге а
алалур дац: «НеIалт хуьлийла Iийсана». Иштта
Делан Синехула олучуьнга бен, цхьаьнгге а алалур
дац: «Iийса – Веза Эла ву».
4 ‡‡ПохIманаш тайп-тайпана ду, ткъа уьш лург –
цхьа Са ду. 5 ГIуллакхаш тайп-тайпана ду, ткъа уьш
дойтург – цхьа Веза Эла ву. 6 Ницкъаш тайп-
тайпана бу, ткъа дерриг а массарна а чохь дийриг –
цхьа Дела ву. 7 Амма Делан Са гучудаккхар
хIоранна а луш ду, массарна а диканна хилийта.
8 Цхьанна хьекъал долу дош ло Делан Синехула,
ткъа оццу Синехула вукхунна кхетаман дош ло.
9 Кхечунна оццу Синехула тешар ло. Ткъа кхин а
цхьанна цу Сино адамаш тодан похIма ло.
10 Вукхунна тамашийна гIуллакхаш дан ницкъ ло.
Кхечунна Делера болу хаамаш бан похIма ло.
Цхьаволчунна Делан Сино делларг жинаша
деллачух къасто похIма ло. Цхьаболчарна Делан
Синера долу тайп-тайпана тамашийна меттанаш
ло. Кхечу цхьанна оцу меттанаша бохург гочдар ло.

† *11:7 Доладалар 1:26, 27.* †† *11:8, 9 Доладалар 2:18-23.* ‡ *Я иштта: *Цу бахьаненна а, маликийн дуьхьа а зудчун коьртахь тиллина хIума хила еза, шен олалла билгалдаккха. *Я иштта: *Цу бахьаненна а, маликийн дуьхьа а зудчун паргIато хила еза, шен коьрта хIума тилла я ца тилла.** ‡† *11:25 а: Арадаккхар 24:8; Ярми-ЯхIу 31:31-34; б: Арадаккхар 24:6-8.*

‡‡ *12:4-11 Римхошка 12:6-8.*

[11] Ткъа и дерриг а оццу цхьана Делан Сино деш ду.
Шена дала деза аьлла хеттачунна, схьа а хоржий,
ло Цо уьш.

### Цхьана дегIан дуккха а меженаш хилар

[12] †Адаман дегI масех меженах лаьтташехь, иза
цхьа дегI хиларе терра, иштта *Дала леррина
Къобалвинарг* цхьаъ хуьлу, Цуьнан дегI масех
меженах лаьтташехь. [13] ХIунда аьлча вайх хIора а
цхьана Делан Синах вуьзна вара, вайх массарах а
цхьа дегI хилийтархьама. Вай жуьгтий я кхечу
къаьмнех делахь а, леш я паргIат адамаш делахь а,
вайга хIоранга а цхьана Синах малийтина дара.
[14] Адамийн дегI, цхьана меженах хилла а ца Iаш,
дуккха а йолчу меженех вовшахтоьхна ду. [15] Нагахь
кого: «Со-м бац дегIах, со куьг доцу дела», – алахь а,
хIетте а оцу дегIан меже ца хилча ма ца болу иза.
[16] Ткъа лерго: «Со бIаьрг боцу дела, со-м дац оцу
дегIах», – аьлча а, оцу дегIан меже ца хилча долий
иза? [17] Нагахь дерриг а дегI беккъа бIаьргех дина
делахьара, муха хир дара цуьнан хазар? Ткъа дегI
деккъа лергех дина делахьара, муха йогIур яра
хьожа? [18] Амма Дала дегIан массо а меже Шена
хила еза аьлла хеттачу меттехь дIанисйина.
[19] Нагахь дегI еккъа цхьана меженах дина
делахьара, тIаккха дегI муха хир дара? [20] Ма-дарра
аьлча, дегIан меженаш дуккха а ю, ткъа дегI –
цхьаъ ду.
[21] БIаьрган а олийла дац куьйге: «Хьо суна ца
оьшу». Я коьрто а когашка олийла дац: «Суна шу ца
оьшу». [22] Мелхо а, адамна эгIаза хеташ йолу дегIан
меженаш уггаре а оьшуш хуьлу. [23] Оцу кIезиг хеташ
йолчу дегIан меженийн вай чIогIа ларам бо. Вешан
бехке йолу меттигаш вай, эхь-бехк а хетий,
дIахьулйо. [24] Ткъа важа йолу меженаш дIахьулъян а
ца оьшу. Амма Дала шатайпа вовшахтесна дегIан
меженаш, сий дан оьшучу меженийн алссам сий а
деш. [25] Иза ду, дегIана чохь къастамаш ца
байтархьама. Мелхо а, дегIан меженаша вовшийн
цхьатерра гIайгIа бан беза. [26] Нагахь дегIан цхьана
декъан лазам хилча, дерриг а дегIан а лазам хуьлу.
Нагахь дегIан меженех цхьана меженна хастам
бахь, вукхеран а цуьнца цхьаьна самукъадолу.
[27] Цу тайппана, шу Дала леррина Къобалвинчун
дегI ду, ткъа шух хIора а цу дегIан меже ю.
[28] ††Динан тобанашкахь Дала цхьаберш векалш,
вуьш пайхамарш, кхозлагIнаш динан хьехамчаш
бина дIахIиттийна. Цул сов, цхьаболчарна
тамашийна гIуллакхаш дан ницкъ белла, вукхарна
адамаш тодан похIма делла. Иштта уллорачарна
гIо дан похIма а, урхаллин похIма а, тамашийна
мотт бийцаран похIма а делла Цо. [29] Массо а буй те
векалш? Берриш а буй те пайхамарш? Массо а
хуьлий те хьехархой? Я массарах а хуьлий те
тамашийна гIуллакхаш дийраш? [30] Массеран ду
ткъа адамаш тодаран похIма? Массара а дуьйций
те Делан Синерачу тамашийначу меттанашкахь?
Массеран дуй ткъа и меттанаш гочдаран похIма а?
[31] Оцу похIманел а сов долчу похIманашна
тIекхийда шу.
Ткъа аса оцу дерригенал а лакхара болу некъ
гойтур бу шуна.

### Безамах лаьцна

13 Нагахь санна аса адамийн я маликийн
меттанашкахь къамел деш делахь а,
амма сан безам бацахь,
со зевне зурма
я бекаш болу горгали санна хуьлу.
[2] ‡Нагахь санна Делера болу хаамаш баран похIма
сан делахь а,
ерриге а къайленаш суна евзаш елахь а,
мел болу кхетам сан белахь а,
лаьмнаш а меттахдаххал тешар сан делахь а,
амма сан безам бацахь,
со хIумма а вац.
[3] Нагахь санна аса сайн берриг а бахам
дIабекъахь а,
ур-атталла сайн дегI ас дагадайтахь а ‡†,
амма сан безам бацахь,
суна цунах цхьа а пайда ца хуьлу.
[4] Безам собаре а, дика а хуьлу.
Безамца хьагI а ца хуьлу.
Безамо дозалла а ца до, иза кура а ца хуьлу.
[5] Безамо лело ца дезарг ца леладо,
шена пайден дерг ца лоьху,
атта оьгIаз ца оьху,
шена дина вон дагар ца до.
[6] Безам харцдолчух боккха ца боь,
ткъа цунна бакъдерг хазахета.
[7] Безамо доллу хIума а ловш хуьлу,
массо а хенахь цуьнца тешар а хуьлу,
гуттара а цуьнца сатийсар а хуьлу,
массо а хенахь цуьнца садеттар а хуьлу.
[8] Безам цкъа а хедар бац.
Делера болчу хаамех аьлча,
уьш кхачор бу.
Синера долчу меттанех аьлча,
уьш совцор ду.
Дала беллачу кхетамах аьлча,
иза дIабоккхур бу.
[9] ХIунда аьлча вайн кхетам кхоччуш болчу
барамехь ца хуьлу,
ткъа Делера болу хаамаш кхоччуш буьззина ца
хуьлу.
[10] Ткъа кхачамалла йолу хан еача,
кхоччуш болчу барамехь цахилларг дIадоккхур
ду.
[11] Со жима бер долчу хенахь,
аса жимачу беро санна дийца а дуьйцура,
ойланаш а йора.
Жимачу беран санна кхетам а бара сан.

† *12:12 Римхошка 12:4, 5.* †† *12:28 Эпасхошка 4:11.*

‡ *13:2 Маттай 17:20; 21:21; Марк 11:23.* ‡† *Ур-атталла сайн дегI аса дагадайтахь а *– я иштта: *ур-атталла сайн дегI аса, дозалла дархьама, дIаделлехь а.**

Ткъа хIинца со стаг а хилла дIахIоьттича,
берийн хIуманаш дитина аса.
[12] Цкъа хIинца-м вайна дерриге а гIийла гойтуш
долчу куьзганехула санна го.
Ткъа цу хенахь юьхь-дуьхьал гур ду вайна.
Цкъа хIинца-м сан кхетам кхоччуш бац,
ткъа цу хенахь сан кхоччуш довзар хир ду,
со Далла вевзаш ма-хиллара.
[13] Цкъа хIинца долуш дерг хIара кхоъ ду:
тешар, сатийсар, безам.
Ткъа безам царах уггаре а лакхара бу.

### Дала шайна делла похIманаш динан тобанна пайденна хилийта

**14** Шайна чохь безам хилийта гIерта. Делан
Сино луш долчунна тIеккхийда – уггаре а
чIогIа дезаш хилалаш Делера болу хаамаш бар.
[2] ХIунда аьлча тамашийначу маттахь къамел дечо
адамашка ца дуьйцу, цо Деле дуьйцу. Цо дуьйцучух
цхьа а ца кхета, ткъа иза Делан Синехула
къайленаш юьйцуш ву. [3] Делера хаамаш бечо
адамашка дуьйцу, уьш синца чIагIбархьама а,
иракарахIитторхьама а, тебархьама а.
[4] Тамашийнчу маттахь къамел дийриг шен синца
чIагIло, ткъа Делера болу хаамаш бечо динан тоба
чIагIйо.
[5] Аша массара а тамашийначу меттанашкахь
дуьйцийла лаьа суна. Амма кхин а сов лаьа суна,
Делера болу хаам аша бойла, хIунда аьлча Делера
болу хаамаш бийриг пайдехь ву оцу меттанашкахь
дуьйцуш волчул а. И дуьйцург, цо ша гочдича бен,
пайденна хир дац, динан тоба цу дуьйцучуьнца
чIагIъяйтархьама. [6] Динан вежарий, нагахь со шу
долчу а веана, аса тамашийначу меттанашкахь
дийцича, шуна хIун пайда хуьлу, нагахь и дуьйцуш
дерг Дала довзийтина хIума а дацахь, я Дала белла
кхетам иза бацахь, я Цуьнгара болу хаам иза
бацахь, я хьехам бацахь?
[7] Ойла ехьа, са доццушехь, чуьра аз долучу
хIуманийн. Масала, дечиг-пондаро я шедаго тайп-
тайпана аьзнаш долуьйтуш ца хилча, локху мукъам
муха къасталур бу те? [8] Нагахь санна турби чуьра
долу аз къаьсташ ца хилча, хьан бийр бу тIамана
бан беза кечам? [9] Иштта аша а, тамашийна мотт а
буьйцуш, кхетаме хаам ца бича, муха кхетор ву
шаьш дуьйцучух? Аша дуьйцург, мохе дуьйцуш
санна, эрна хир ду. [10] Мел дукха ду-кх дуьнен чохь
тайп-тайпана меттанаш, царах цхьа а бац шен
маьIна доцуш. [11] Цундела суна оцу меттан маьIна
ца хиъча, кхечу къомах волуш санна хир ву со и
буьйцуш волчунна, ткъа и мотт буьйцург кхечу
къомах верг санна хир ву суна. [12] Иштта шу а,
Делан Са шайгахула гучудаккха шаьш гIерта дела,
динан тобанна чIагIонна Цо луш долчу похIманийн
дикалла совъяккха хьовсалаш.
[13] Цундела тамашийначу меттанашкахь дуьйцуш
волчо, ша дуьйцург гочдан хаар деха Деле.
[14] ХIунда аьлча аса тамашийначу маттахь доIа деш
хилча, Делан Сино сан синехула доIа до, амма сан
хьекъална иза пайденна дац. [15] ТIаккха аса хIун дан
деза? Аса сайн синца доIа дийр ду, амма сайн
хьекъалца а дийр ду ас иза. Сайн синца а, иштта
сайн хьекъалца а эр ду аса Далла иллеш. [16] ХIунда
аьлча, ахьа Далла баркалла Цуьнан Синехула олуш
хилча, ахьа дуьйцург шена хIун ду ца хиъча, хIокху
гуламехь волчу хийрачу стага муха эр ду ахь
аьллачу баркаллина: « *Амин*»? [17] Ахьа Далла олу
баркалла тоъал дика хила а там бу, амма гуламехь
волчу кхечунна цунах синца чIагIвалар ца хуьлу.
[18] Тамашийнчу меттанашкахь аша массара а
дуьйцучул сов айса дийцарна, аса хастам бо Далла.
[19] Амма суна гIолехь хета, динан тоба гулъеллачу
хенахь, сайн хьекъалца пхи дош алар кхечарна
хьехам бархьама, тамашийначу маттахь итт эзар
дош олучул.
[20] Динан вежарий! Берийн санна, ойла йолуш ма
хилийша! Вониг дарна тIехь хилийша бераш санна,
амма шайн ойланца даккхий хилийша! [21] †Товрат-
хьехамаш тIехь яздина ду:
«Кхин меттанаш дуьйцуш болчаьргахула а,
хийрачу махкахойн баганехула а
къамел дийр ду Аса цу халкъаца – боху Везачу
Эло, –
амма тIаккха а ладугIур дац-кх цара Соьга».
[22] Иштта, тамашийначу меттанашкахь дийцар –
билгало ю, амма и билгало, Iийсах тешаш
болчарна а йоцуш, тешаш боцучарна ю. Ткъа
Делера болу хаамаш хилар а цхьа билгало ю, амма
и билгало, тешар доцучарна а доцуш, тешаш
болчарна ю.
[23] Нагахь берриг а динан гулам цхьаьна а кхетта,
аша массара а тамашийначу меттанашкахь къамел
дечу хенахь, шу долчу хийра нах я Iийсах
цатешарш чубаьхкича, шу хьерадевлла аьлла
хетар-м дац те царна? [24] Нагахь массара а Делера
болу хаамаш бечу хенахь, шу долчу Iийсах
цатешарг я хийра стаг чувеача, цунна хезначу
дерригено а цунна къинош гучу а дохур ду, кхел а
йийр ю. [25] Оцу чувеанчу стеган деган къайленаш
массарна гучуевр ю. ТIаккха цо, гора а хIоьттина,
Далла Iибадат а деш, эр ду: «Шуна юкъахь билггал
Дела ву!»

### Динан тоба гулъеллачу хенахь низам хила деза

[26] Сан динан вежарий! ЖамI а деш, суна ала луург
хIара ду. Шу цхьаьна гуламе гулделча, шун
хIораннан а хуьлу я назма, я хьехам, я Дала
довзийтина хIума, я тамашийначу маттахь болу
хаам, я шух цхьаммо цу хааман маьIна дуьйцу. Аша
мел дийриг а шун динан тобанан чIагIонна
хуьлийла. [27] Нагахь шух цхьаъ тамашийначу
маттахь дийца воллуш велахь, тIаккха аша шиммо,
я уггар дукха кхааммо роггIана дийца, ткъа кхечу
цхьаммо аьлларг гочде. [28] Нагахь санна гочдийриг
шайна юкъахь вацахь, тамашийначу маттахь

† *14:21 ЕшаI-ЯхIу 28:11, 12.*

дуьйцуш верг динан тобанан гуламехь вист ма
хилийта, цуьнга шена а, Далла а бен ма дийцийта.
29 Пайхамарех шиммо я кхааммо Делера болу хаам
бан беза, ткъа вукхара цара бохург талла деза.
30 Нагахь шух хиъна Iаш волчу цхьанна Дала хIума
довзуьйтуш делахь, хIинцца дуьйцуш хилларг, вист
а ца хуьлуш, саца. 31 ХIунда аьлча массеран а йиш
ю Делера болу хаам рогIехь ала. Цу тайпана массо
а Iемар а бу, уьш иракарахIиттор а бу.
32 Пайхамаршна чуьра синош цу пайхамаршна
муьтIахь хуьлу. 33 ХIунда аьлча Дела низам
цахиларан Дела вац, Иза синтеман Дела ву. Иштта
хуьлу Делан долахь болчеранерриге а динан
тобанашкахь.
34 Зударий гуламашкахь тийна хила беза. Царна
бистхила ца магадо. Товрат-хьехамаш тIехь ма-
аллара, уьш муьтIахь хила беза. 35 Нагахь санна
шайна цхьа хIума хаа лаахь, цара цIахь шайн
майранашка хатта деза цунах лаьцна, хIунда аьлча
эхье ду зуда динан тобанийн гуламашкахь
йистхилар.
36 Делан дош шуьгара схьадаьлла ткъа? Я шуна
бен ца довзийтина иза? 37 Ша пайхамар ву
бохучунна я Делан Сино луш дерг шен долчунна
хаа деза, аса шайга яздеш дерш Везачу Элан
весеташ дуйла. 38 Нагахь цхьаммо иза тIе ца эцахь,
иза ша а тIеэцна хир вац.
39 Иштта, динан вежарий, Делера болу хаамаш
бар дезаш хилалаш! Тамашийнчу меттанашкахь
дийцар а ма дехка. 40 Дерриге а оьзда а, низам
долуш а леладе.

## Дала леррина Къобалвинарг веллачуьра денвалар

15 ХIинца, динан вежарий, айса хьехна болу
*хаза кхаъ* шуна дагабайийта лаьа суна. Шу, иза
тIе а эцна, цу тIехь дIахIиттира. 2 Цу хазачу кхоэхула
шу а кIелхьардохуш ду, нагахь аса кхайкхийна кхаъ
ма-бохху аша ларбахь. Иза кхечу тайпана хилча,
шу цунах эрна тешнера.
3 [†]ХIунда аьлча аса тIеэцна болу а, шуна дIабелла
болу а уггар коьрта хьехам иштта бу: Делан
Йозанаша ма-аллара, *Дала леррина Къобалвинарг*
вайн къиношна тIера велла. 4 [††]Иза дIа а воьллира,
ткъа кхозлагIчу дийнахь, Делан Йозанаш тIехь
яздина ма-хиллара, ден а вира. 5 [‡]Цул тIаьхьа Иза,
Кипина а, тIаккха шийтта векална а хьалха веана,
дIахIоьттира. 6 Цул тIаьхьа Иза цхьана хеннахь
пхеа бIеннал сов болчу динан вежаршна хьалха
дIахIоьттира. Царах дукхахберш хIинца а дийна бу,
ткъа цхьаберш дIа а кхелхина. 7 ТIаккха Иза,
Якъубана хьалха а веана, дIахIоьттира. Цул тIаьхьа,
массо а векалшна хьалха а веана, дIахIоьттира Иза.
8 [‡†]Уггар а тIаьхьа, хеназа дуьнен чу даьлла бер
санна волчу суна хьалха а веана, дIахIоьттира Иза.
9 [‡‡]Ткъа векалех уггаре а кIезигниг волу со-м векал
ву ала хьакъ долуш а вац, хIунда аьлча Делан
долахь йолу, ерриге а Iийсах тешначийн тоба
хIаллакьян тIаьхьаваьлла леллера со. 10 Амма
Делан дика бахьанехь хIинца со волуш верг хилла
сох. Ткъа суна лерина Цуьнан дика а эрна ца хилла.
Аса цара массара а хьегначул сов къахьегна.
(Бакъду, иза аса ца динера, соьца долчу Делан
дикано динера.) 11 Иштта, иза я со велахь а, я важа
векалш белахь а, оха массара а шуна хьоьхург
цхьаъ ду, ткъа шу цунах теша а тешна.

## Вай деллачуьра дендийр ду

12 Нагахь оха, Дала леррина Къобалвинарг
веллачуьра денвина бохуш, хьехамаш беш хилча,
шух цхьаболчара муха олу веллачуьра денвалар ца
хуьлу? 13 Веллачуьра денвалар хуьлуш ца хилча,
Дала леррина Къобалвинарг а ма ца хуьлу
веллачуьра денвина? 14 Дала леррина
Къобалвинарг денвина ца хилча, тхан хьехамаш а
эрна хуьлу, шун тешар а хуьлу эрна. 15 Цул сов, оха
Делах лаьцна харцтоьшаллаш деш хилар гучудер
дара. ХIунда аьлча оха Делах лаьцна тоьшалла
дира, Ша леррина Къобалвинарг Цо веллачуьра
денвина аьлла. Амма нагахь санна белларш
денбийр бацахьара, Цо Иза веллачуьра денван ца
тарлора. 16 Нагахь белларш денбеш ца хилча,
тIаккха Дала леррина Къобалвинарг а денвина ца
хуьлу. 17 Ткъа нагахь Дала леррина Къобалвинарг
денвина вацахьара, шун тешар а эрна хир дара, шу
а шайн къиношлахь хир дара. 18 ТIаккха, Дала
леррина Къобалвинчуьнца а болуш, белларш а ма
хуьлу хIаллак? 19 Нагахь Дала леррина
Къобалвинчух долу вайн тешар вай кху дуьнен
чохь дехаш долччу ханна бен дацахьара, массо а
адамал уггаре а декъаза адамаш хир дара вай.
20 Делахь а, беллачарна юкъара болу
дуьххьарлера стом санна, Дала леррина
Къобалвинарг веллачуьра ден ма вина. 21 Валар
адамехула деана долу дела, веллачуьра денвалар а
хуьлу адамехула. 22 Дерриг а адам, Адамца доьзна
хиларна, лийриг хиларе терра, Дала леррина
Къобалвинчуьнца доьзна хиларна дерриг а адам
дендийр ду. 23 Амма хIораннан а шен-шен рагI хир
ю. Дала леррина Къобалвинарг денбинчарах
дуьххьарлераниг ву. ТIаккха Иза схьавеача, Цуьнан
долахь берш а денбийр бу. 24 Цул тIаьхьа, Дала
леррина Къобалвинчо стигалара массо а
куьйгалхой а, ницкъаш а, олахой а хIаллак а бина,
Да волчу Деле паччахьалла дIаделча, дуьненан
чаккхе хир ю. 25 [‡‡†]ХIунда аьлча Цо паччахьалла дан
дезар ду, Дала леррина Къобалвинчун массо а
мостагIий Дала Цуьнан когашка охьабахккалц.
26 Ткъа валар уггаре а тIаьххьара мостагIа санна
хIаллакдийр ду. 27 [‡‡‡]ХIунда аьлча, Делан Йозанаша
ма-бохху, «Цо массо а хIума Цуьнан когашка

† *15:3 ЕшаI-ЯхIу 53:5-12.* †† *15:4 Забур 15:8-10; Маттай 12:40; Векалийн 2:24-32.* ‡ *15:5 а: Лака 24:34; б: Маттай 28:16, 17; Марк 16:14; Лака 24:36; Яхьъя 20:19.* ‡† *15:8 Векалийн 9:3-6.*

‡‡ *15:9 Векалийн 8:3.* ‡‡† *15:25 Забур 109:1.* ‡‡‡ *15:27 Забур 8:7.*

охьадиллина». Ткъа вай-м кхета «массо а хIума»
Цуьнан когашка охьадиллина бохург, Дела воцург,
массо а хIума дуйла. 28 Массо а хIума Дала леррина
Къобалвинчун дола дIаделча, КIанта Ша а дIалур ву
Делан дола, Шен кара дерриг а делла волу Дела
массанхьа а массо а хIуманна тIехь Олахо
хилийтархьама.
29 Иштта, белларш денлуш ца хилча, беллачеран
дуьхьа шаьш хих чекхдохуьйтучара дийриг хIун ду?
Нагахь белларш баккъалла а денбийрг ца хилча,
беллачеран дуьхьа шаьш хих стенна чекхбохуьйту
цара? 30 Вай а хIора сахьтехь ваьш кхерамечу хьола
хIунда хIуьттуьйту? 31 Ва динан вежарий! Вайн Веза
Эла волчу, Дала леррина къобалвинчу Iийсаца шу
хиларна, сайн долчу дозаллица чIагIо йо ас, со
хIора дийнахь леш ву аьлла. 32 †Нагахь Эпасехь со
адамийн сатийсарца бен «акхаройх» таса ца велча,
суна хIун пайда хир бара? Нагахь беллачийн
денбар хуьлуш ца хилча, тIаккха: «Юушший,
молушший Iей вай, кхана вай лийр долу дела!»
33 Ма Iехалолаш, вежарий! «Вочу накъосто дика
амал талхайо». 34 Шаьш хила ма-дезза метта а
дуьйлий, къинош леточуьра совца. Ткъа шуна эхь
хетийта эр ду ас: шух цхьаболчарна Дела вовза а
ца вевза.

### Вайн керла дегI муха хир ду?

35 Цхьаммо хатта тарло: «Белларш муха денбо?
Церан дегI муха хир ду?» – аьлла. 36 ХIай сонтаниг!
Ахьа дIадийна хIу дендийр ма дац, иза цкъа ша
делча бен. 37 Ахьа лаьттах хIу дIадоьчу хенахь,
ялтин хиндолчу куьцехь †† дIа ма ца доь ялта. Амма
дерзина тIедолу хIу дIадоь ахьа, иза муьлхха
делахь а, я кIен, я кхечу ялтин. 38 ТIаккха оцу хIух
хиндерг, Шена хеттачу куьцехь, Дала Ша кхуллу. Цо
хIора а хIуьнан цуьнан шен бен доцу куц кхуллу.
39 ХIора шена чохь са долчу хIуманан дегI тайп-
тайпана ду. Адамийн дегI шатайпана ду.
Дийнатийн дегI кхечу тайпана ду. ЧIерийн а,
олхазарийн а церан шайн бен доцу дегI ду.
40 Иштта стигалшкахь а, лаьттахь а шатайпана
догIмаш хуьлу. Амма стигалшкарчу догIмийн
хазалла шатайпана ю, ткъа лаьттарчу догIмийн
хазалла кхечу тайпана ю. 41 Малхан шен хазалла ю,
ткъа беттан, седарчийн хазалла шатайпана ю.
Седарчий а шен-шен хазаллица вовшех къастало.
42 Иштта белларш а хуьлу, уьш денбелча. Лаьттах
дIадийна долу дегI телхина дIадолу, ткъа дендийр
долу дегI телхар дац. 43 Лаьттах а дохуьйтуш,
дIадоьчу хенахь дегI сийсаза хуьлу, ткъа дендечу
хенахь иза хазаллех дуьзна хир ду. ДIадоьчу хенахь
дегI эгIаза хуьлу, ткъа дендечу хенахь иза ницкъ
болуш хир ду. 44 Кху дуьненахь денделла дегI
дIадуьйш ду, ткъа вукху дуьненна лерина долу дегI
дендийр ду. Нагахь кху дуьненна лерина долу дегI
хилча, вукху дуьненна долу дегI а хуьлу. 45 ‡Делан
Йозанаш тIехь аьлла ма ду: «Дуьххьарлера адам
хилла волу Адам, чу са а дуьллуш, денвелира». Ткъа
тIаьххьара волу Адам адамаш дендо са ду. 46 Кху
дуьнен чу дуьххьара деанарг дендийриг дац.
Мелхо а, кху дуьненахь денделларг цкъа хьалха
деана ду, ткъа цул тIаьхьа дендийриг деара.
47 Дуьххьарлера адам, поппарх дина а долуш, кху
дуьненара ду. ШолгIа адам стигалшкара ду. 48 Кху
дуьненара массо а адам лаьттарчу поппарх дина
адам санна ду. Амма стигалшна билгалдаьккхина
массо а адам Стигалшкарниг санна ду. 49 Лаьттарчу
поппарх вина волчун вастехь вай ма-хиллара,
стигалшкарчун вастехь а хир ду вай ‡†.
50 Динан вежарий! Аса хIара эр ду шуьга: шайна
чохь дилха а, цIий а долуш долу вайн догIмаш
Делан Олалле кхача йиш яц. Ткъа иштта телхина
дIадолург телхар доцучуьнга кхача йиш яц.
51 ‡‡ЛадогIалаш, къайлаха долу цхьа бакъдерг
довзуьйту ас шуна: вай дерриш а лийр дац, амма
вай дерриш а хуьйцур ду. 52 Иза хир ду цIеххьана,
бIаьрган негIар а тохале, турбано тIаьххьара зурма
лекхча. Турбано зурма ма-леккхи, белларш телхар
боцучу тайпана ден а бийр бу, ткъа вай хуьйцур а
ду. 53 ХIара телхар долу дегI телхар доцучу тайпана
хила дезар ду. Ткъа лен долу дегI, цкъа а лийр
доцуш хилла, дIахIотта дезар ду. 54 ‡‡†ТIаккха хIара
телхар долу дегI телхар доцучу тайпана а хилча,
ткъа хIара лен долу дегI цкъа а лийр доцуш дIа а
хIоьттича, кхочушхир ду Делан Йозанаш тIехь
яздинарг:
«Iожалла дIа а кхаьллина,
толам баьккхина».
55 ‡‡‡«Iожалла, мичахь бу хьан толам?
Мичахь ю, Iожалла, хьан ю?»
56 Iожаллин ю къино ло. Ткъа къинан ницкъ
товрат-хьехамашкахь бу. 57 Хастам бу Дала леррина
къобалвинчу вайн Веза Эла волчу Iийсагахула
вайна толам лучу Далла!
58 Сан хьоме динан вежарий! ЧIагIлой а хилалаш,
меттах ца довлуш а латталаш. Шаьш Везачу Элана
лерина деш долчу гIуллакхех дуьззина хилалаш,
хIунда аьлча шуна хаьа, шаьш Везачу Элаца
доьзна долу дела, аша мел деш долу гIуллакх эрна
довр доцийла.

### ЯхIуд-махкахь болчу Делан нахана гулдеш долу ахча

16 §Делан нахана аша дала деза ахча гулдеш
долу гIуллакх, галатахойн динан тобанашна
аса ма-хьеххара, леладе. 2 ХIора кIиранан
дуьххьарлерчу дийнахь шух хIораммо а, шайна
карадеанчу ахчане хьаьжжина, цунах цхьадолу
дакъа Iалашде, со дIавеанчу хенахь ахча гулдар

† 15:32 ЕшаI-ЯхIу 22:13. †† Куьцехь *– Грекийн маттахь «куц» а, «дегI» а дешнийн маьIнехь цхьа дош бен дац («совма»).*

‡ 15:45 Доладалар 2:7. ‡† Цхьадолчу тептарш тIехь: *стигалшкарчун вастехь а хуьлийла вай.* ‡‡ 15:51, 52 1 Тассалникахошка 4:15-17. ‡‡† 15:54 ЕшаI-ЯхIу 25:8. ‡‡‡ 15:55 ХIушаI 13:14 (Грекийн). § 16:1 Римхошка 15:25, 26.

оьшуш ца хилийтархьама. 3 Со дIавеанчул тIаьхьа,
аша къобал мел винарг аса Ярушалаймехь йолчу
тобанан куьйгалхошна деша леринчу айса яздинчу
кехаташца цхьаьна цига дIахьажор ву, и гулдинарг
цаьрга дIадалийтархьама. 4 Нагахь сан
Ярушалайме дIавар диканца хилахь, уьш соьца
дIабогIур бу.

### ПахIалан дагахь дерг

5 †Македон-махкахула чекхваьлча, со шу долчу
вогIур ву, хIунда аьлча сан Македонехула ван ойла
ю. 6 Шу долчохь со жимма соцур ву, аса Iа даккха а
тарло шуьца. Цул тIаьхьа аса шуьга со новкъа
воккхуьйтур ву, мичча ваха дезаш иза делахь а.
7 ХIунда аьлча тIехволлушехь шу гина Iа ца лаьа
суна. Везачу Эло сайна пурба лахь, шуьца дикка
хан яккха лаьа суна.
8 ††Жуьгтийн « *ШавуIот*» цIе йолу ялта чудерзоран
дезде тIекхаччалц Iийр ву со Эпасехь. 9 Суна
дуьхьалбевлларш дукха белахь а, *хаза кхаъ*
дIакхайкхо кхузахь йоккха а, шуьйра а неI
дIайиллина ю суна.
10 ‡Нагахь шу долчу Тимапи вагIахь, цунна
цхьанна а агIор кхерам ца хилийта хьовсалаш,
хIунда аьлча цо дийриг а, ас ма-дарра, Везачу
Элана лерина гIуллакх ду. 11 Цундела цхьа а цунах
ца вешаш ма хилалаш. ТIаккха иза гIоза-маьрша
новкъа ваккха, со волчу ван цуьнан таро
хилийтархьама. Иза кхечу динан вежаршца
цхьаьна схьаваре хьоьжуш ву со.
12 Вайн динан ваша волу Апа-Леса шу долчу
кхочийла чIогIа лиира суна. Амма иза кхоччуш
къар ца велира ‡†, цкъа хIинца шу долчу дIа ца
веача. Иза, шен йиш ма-хилли, дIавогIур ву.

### ТIаьххьара дешнаш

13 Шу сема хилалаш, шайн тешарехь чIагIлой
Iелаш, доьналла долуш а, майрра а латталаш.
14 Аша массо а хIума безамца деш хила деза.
15 ‡‡Шуна массарна а бевза Сетипанан доьзал.
Ахаехь болчу Iийсах тешначарна юкъахь уьш
дуьххьарлерачарах буйла а хаьа шуна. Цара шайн
дегнаш Делан нехан гIуллакх дарна тIедерзийна.
Цундела аса доьху шуьга, динан вежарий, 16 уьш
санна болчу нахана а, цаьрца цхьаьна гIуллакх
деш а, къахьоьгуш а мел болчарна а муьтIахь
хилалаш.
17 Сетипан, Партунат, Ахайк со волчохь хилар суна
чIогIа хазахета. Шу суна юххехь ца хиларна, цара,
шун метта гIо дора суна. 18 Цара сан а, шун а синош
иракарахIиттийра. Уьш санна болчеран ларам
белаш.
19 ‡‡†Асиа-махкарчу динан тобанаша маршаллаш
доуьйту шуьга. Iакхилас а, ПхьаьрскIилата а, церан
цIерачу динан тобанехь болчара а мерза
маршаллаш доуьйту шуьга, шаьш, шу санна,
Везачу Элан долахь хиларна. 20 Массо а динан
вежарша а маршаллаш доуьйту шуьга.
Доггах ‡‡‡ вовшашка маршалла хатта.
21 Аса, ПахIала, сайн куьйган йозанца дIадоуьйту
шуьга и маршаллаш.
22 Нагахь Веза Эла ца везаш цхьаъ велахь, неIалт
хуьлийла цунна.
Марана-тхьа §. Волахь, вайн Веза Эла!
23 Веза Эла волчу Iийсан дика хуьлийла шуьца.
24 Сан безам а хуьлийла шуьца массаьрца а, Дала
леррина Къобалвинчу Iийсан долахь вай долу
дела.

† *16:5 Векалийн 19:21.* †† *16:8, 9 Векалийн 19:8-10.* ‡ *16:10 1 Коринтхошка 4:17.* ‡† *Амма иза кхоччуш къар ца велира *– я иштта: *Амма Делан лаам банне а бацара иза цкъа хIинца шу долчу дIаваийта.**

‡‡ *16:15 1 Коринтхошка 1:16.* ‡‡† *16:19 Векалийн 18:2.* ‡‡‡ *Доггах *– ма-дарра аьлча: *Беза барт баккхарца…** § *Марана-тхьа *– и дош арамхойн маттера ду. Цуьнан маьIна: «Волахь, вайн Веза Эла!» – бохург ду.**

# 2 Коринтхошка

## Дешхьалхе

цаьрца шен йолу юкъаметтиг хала йолчу хенахь дахьийтина дара. Коринт-гIалин динан тобанехь цхьаберш чIогIа дуьхьалбевллера ПахIална. Делахь а ПахIала гойту, ша цаьрца чIогIа куьйге ваха лууш хилар а, ткъа иза хиллачул тIаьхьа ша чIогIа воккхавеш хирг хилар а.
Цу кехатан хьалхарчу декъехь (1–7 кортош) Коринт-гIаларчу динан тобанца йолчу шен юкъаметтигах лаьцна дуьйцу ПахIала. Динан тобанехь цхьаболчара шена йинчу кхиссаршна а, дуьхьалонна а ша делла жоп иштта чIогIа хIунда хилла кхетадо цо. Амма цуьнан жоп иштта чIогIа хиларна, уьш метта а баьхкина, цуьнца куьйге бахана. Цундела ПахIал воккхавеш ву. Цул тIаьхьа (8–9 кортош) цо доьху оцу динан тобане ЯхIуд-махкарчу эшамехь болчу церан динан вежарийн дуьхьа комаьршаллица сагIанаш далар. ТIаьхьарчу кортошкахь (10–13 кортош) ша бакъволу векал хилар гойту ПахIала, хIунда аьлча Коринт-гIалахь цхьаболчара шаьш бакъдолу векалш ду моттуьйтура, ПахIал харцвекал ву а бохуш.

1 [†]Делан лаамца Дала леррина къобалвинчу
Iийсан векал волчу ПахIала а, вайн динан вашас Тимапис а, Делан долахь йолчу, Iийсах тешачеран Коринтерачу тобане а, берриге Ахай-махкахула Iаш болчу массо а Делан долахь болчаьрга а яздо хIара кехат.
2 Вайн Да волчу Делера а, Веза Эла волчу, Дала леррина къобалвинчу Iийсагара а долу дика а, синпаргIато а хуьлийла шуна.

### ПахIала Далла баркалла алар

3 Декъала хуьлда вайн Веза Эла волчу, Дала леррина къобалвинчу Iийсан Да волу Дела. Иза къинхетаман Да а ву, массо а тайпанчу синтеман Дела а ву. 4 Цо вайн муьлххачу а гIайгIанехь вайна синтем ло, Цо вайна беллачу оцу синтемца муьлххачу а гIайгIанехь болчу кхечарна а вайгахула синтем хилийтархьама. 5 Дала леррина Къобалвинчуьнца вай боькъуш болу Цуьнан лазамаш алсамбийларе терра, Цо вайна луш болу синтем а алсамбуьйлу. 6 Оха баланаш хьоьгуш хилча – иза шун синтеман а, кIелхьардовларан а дуьхьа ду. Тхо догъоьцуш хилча – иза шун синтеман дуьхьа ду, хIунда аьлча оцу синтемо шуна чохь доьналла кхуьуьйту, оха хьоьгуш болу баланаш шуьга а хьегийтархьама. 7 Тхо чIогIа тешна ду шух, хIунда аьлча тхуна хаьа, нагахь оха хьоьгу баланаш шуьца бекъалуш хилча, тхан деган синтем а бекъало шуьца.
8 [††]Динан вежарий, оха Асиа-махкахь хьегна баланаш шуна ца бовзуьйтуш Iан ца лаьа тхуна. Тхаьш дийна дуьсур дац моттал холчу хIиттийнера тхо. Уьш лан тхан ницкъ ца кхаччал, сов бакккхий бара и баланаш. 9 Тхайн дагахь-м тхаьшна даларан кхел йина моьттуш дара тхо. Иза хиллера, тхо тхайх тешна а доцуш, амма белларш а юхаденбеш волчу Делах тешна хилийтархьама. 10 Дала оцу даларан боккхачу кхерамах кIелхьардехира тхо, Цо кIелхьардохур а ду. ХIинца чул тIаьхьа а Цо кIелхьардохур ду аьлла, тешна а ду тхо. 11 Тхуна тIера доIанаш а деш, цу гIуллакха тIехь аша гIо до тхуна. Иштта, дукхахболчу наха деш долчу доIанашка Дала ладогIарна, Цо тхо декъалдийр ду. Ткъа цундела дукха а долчу халкъо Далла хастамаш бийр бу.

### ПахIала Коринте ца ваха сацам бар

12 Оха дозалла а до, тхан дегнаша тоьшалла а до, дуьнен тIехь тхо лелар а, шуьца йолу юкъаметтиг а Далла хьалха догцIена а, хIумма а къайлла ца доккхуш а хилла аьлла. Ткъа иза адаман хьекъалца а доцуш, Делера долчу диканца дара. 13 Цундела и кехат дешча, шу кхетар доцу хIума ца яздо оха. Сан дегайовхо ю, цхьадолчух-м шу хIинцале а кхетта хиларе терра, шу тхох кхоччуш кхетарг хиларх, вайн Веза Эла волчу Iийсан дийнахь оха шух дозалла дийриг хиларе терра, аша а тхох дозалла дийриг хиларх.
15 Иштташу тешарца со дагахь вара уггар хьалха шу долчу ван, шун шолгIа а декъалалла хилийтархьама. 16 [‡]Со Македоне воьдучу хенахь шу долчухула а ваьлла, тIаккха, юхавоьрзуш, юха а шу

† 1:1 Векалийн 18:1. †† 1:8 1 Коринтхошка 15:32.
‡ 1:16 Векалийн 19:21.

долчу ван ойла яра сан, шуьга со ЯхIуд-махка
новкъа а воккхуьйтуш. 17 И Iалашо сайна хьалха
хIоттош, аса ойла а ца еш-м ца дина те иза? Я аса,
кху дуьненарчара санна, сайгара олу ткъа цкъа
«хIаъ», тIаккха «хIан-хIа»? 18 Дела тешаме хиларх
чIагIо а еш, боху аса, оха шуьга бохург дацара
цхьана метта цкъа «хIаъ», тIаккха «хIан-хIа».
19 †ХIунда аьлча шуна юкъахь Цунах лаьцна оха –
аса а, Салис а, Тимапис а – хьехамаш бина волу
*Делан КIант*, Дала леррина къобалвина Iийса, ма
вацара цхьана хенахь цкъа «хIаъ», тIаккха «хIан-
хIан» олуш. Цуьнгахула Делан «хIаъ» хилла
дIахIоьттира. 20 ХIунда аьлча Дала мел дина
ваIданашна дуьхьал Дала леррина
Къобалвинчуьнгахула «хIаъ» ду. Цундела Делан
сийлаллина Дала леррина Къобалвинчуьнгахула
вай « *Амин*» олу. 21 Шуьца цхьаьна тхо Ша леррина
Къобалвинчух тешаш чIагIдина лоттуьйтуш Верг –
Дела ву. Цо вай къобал а дина, 22 Шен мухIар
тIетохарца вай къаста а дина, Ша лур ду аьлла
динчу закъалтана Шен Са делла Цо вайн дегнаш
чу.
23 Далла хьалха сайн дахарх чIагIо йо ас, со
хIинццалц Коринте цаваран бахьана шу кхоош
хилар ду аьлла. 24 Иза дац шун тешарна тIехь
олалла до бохург. Амма шун даккхийдер хилийта
шуьца цхьаьна гIуллакх деш ду тхо, хIунда аьлча
шайн тешар тIехь чIагIо йолуш ду шу.
2 Аса сайн дагахь сацам бира, со шу долчу
вогIуш, юха а шун дог дохош ца ван. 2 ХIунда
аьлча аса юха а шун дог дохийча, хьан дийр дара
суна хазахетар, аса халахетийтина долчу шу
доцучара? 3 Оцу дерригенах а лаьцна аса яздира
шуьга, со веанчу хенахь шуьгара хазахетар
лоьхучу сайна халахетар ца хилийта. Со шух
массарах тешна ву, сан хазахетар шуна а массарна
хазахетар ду аьлла. 4 Аса боккхачу дегалазамца,
дегаIаткъамца, дуккха а долу сайн бIаьрхишца
яздинера шуьга и кехат. Иза шун дог лазорхьама
яздина дацара. Шуьга болу сайн тIех боккха безам
шуна бовзийта яздинера аса иза.

### Вовшашна къинтIерадовла дезар

5 Нагахь цхьаммо дог дохийнехь а, цо сан дог ца
дохийна, амма цхьана декъана шун массеран а
дохийна, тIех луьра ца олуш дитича.
6 Дукхахболчара дина таIзар тоьар ду иштта
волчунна. 7 Цундела шуна гIолехь ду, хIинца цунна
къинтIера а девлла, цуьнан догъэцча, иза йоккхачу
гIайгIане ца вахийта. 8 Аса доьху шуьга цундела,
цуьнга шайн безам хилийтар. 9 Иза аса яздинера,
шу зийначул тIаьхьа, шу массо а хIуманна тIехь
соьга ладугIуш дуй те хьажархьама. 10 Шу
къинтIера девллачунна со а ваьлла, хIунда аьлча
со хIуманна къинтIера вала везаш хилча а, аса иза
шуна диканна дина Дала леррина Къобалвинчунна
хьалха, 11 иблисе цхьана а тайпанчу мекарлонца
шуна тIехь толам ца баккхийтархьама. Вайна-м
цуьнан лаамаш бевзаш ма бу.

### Троя-гIалахь ПахIалан синтем бар

12 ††Дала леррина Къобалвинчух болу *хаза кхаъ*
дIакхайкхо Троя-гIала со веанчу хенахь, Везачу Эло
суна цигахь къахьега неI дIайиллира. 13 Амма со
синтем байна вара, хIунда аьлча цигахь суна сайн
динан ваша волу Тита ца карийра. И бахьанехь,
церан Iодика а йина, со Македоне вахара.

### Дала леррина Къобалвинчуьнгахула толам баккхар

14 Амма Далла баркаллаш бохийла вай! Ша
леррина Къобалвинчуьнгахула вайна тIехь толам а
баькхина, муьлххачу хенахь а вай толаман
тобанехь лоьлуьйту Цо. *Дала леррина
Къобалвинарг* вовзаран хаза хьожа вайгахула
массанхьа а дIасаяржайо Цо. 15 КIелхьарбовларан
некъа тIе бевллачарна а, хIаллакьхиларан
новкъахь болчарна а юкъахь Дала леррина
Къобалвинчо Далла доккху хаза хьожа йогIу сагIа
санна ду вай. 16 ХIаллакьхиларан новкъахь
болчарна иза Iожаллин хьожа ю, уьш валаре а
буьгуш. Ткъа кIелхьарбовларан новкъахь болчарна
иза хаза хьожа ю, уьш дахаре а буьгуш. Хьаьнга
далур дара и дерриге а? 17 Делан дош талхадечу
дукхахболчаьрца тхо нисдан йиш яц. Мелхо а, оха
и дош доггах а, Делан цIарах а, Цунна хьалха а
кхайкхадо, Дала леррина Къобалвинчуьнца доьзна
а долуш.

### Дала адамашца бина керла барт

3 Тхо юха а тхаьш хесто дуьйладала деза те?
Цхьаболчу нахана юкъахь ма-хиллара, вайна
юкъахь а лела деза те шуьга дIа я шуьгара схьа
долу хестадаран кехаташ? 2 Шу шаьш ду тхан
дегнаш чохь дIаяздина долу тхан хестадаран кехат.
Иза массо а адамна девзаш а ду, массара доьшуш а
ду. 3 ‡Аша гойту Дала леррина Къобалвинчун кехат
шаьш хилар, оха динчу гIуллакхан жамI долу. И
кехат шекъанца доцуш, ткъа дийна долчу Делан
Синца яздина ду. ТIулга тIехь яздина доцуш, ткъа
адамийн дегнаш чохь яздина ду иза.
4 Оцу тайпана болу Делах тешам бу тхан Дала
леррина Къобалвинчуьнгахула. 5 Цхьа хIума дан
похIма тхайгара ду-м дера ца моьттура тхуна, ткъа
тхан и похIма Делера ду. 6 ‡†Цо Ша делла тхуна
похIма керлачу а, йозанца боьзна а боцуш, ткъа
синца боьзна болчу а бартана гIуллакх дан. ХIунда
аьлча йозанца яздинчо адам доь, ткъа Делан Сино
адам дендо.
7 ‡‡Шайца валар дахьаш долу, дешнашца тIулга
тIехь яздина дерг хилла дIахIоьттича, Делан
сийлалла гучудаьккхира. Исраилхой ур-атталла

† *1:19 Векалийн 18:5.*

†† *2:12, 13 Векалийн 20:1.* ‡ *3:3 а: Арадаккхар 24:12; б: Ярми-ЯхIу 31:33; Яхьазкхиал 11:19; 36:26.* ‡† *3:6 Ярми-ЯхIу 31:31.* ‡‡ *3:7 Арадаккхар 34:29.*

Муса-пайхамаран сийлаллин нур лепачу юьхь тIе
ца хьажалора, и нур лагIлуш хиллехь а. Иза а
иштта сийлалла долуш хилча, [8] цул дукха а сов
сийлалла долуш хир дац ткъа Делан Сино дийриг?!
[9] Кхелъярца чекхдолуш дерг а оццул сийлалла
долуш хилча, мел тIех сийлалла долуш ду Далла
хьалха адам бакъдарца чекхдоккхург. [10] ХIунда
аьлча оцу хенахь сийлалла долуш хилларг хIинца
долчул сов долчу сийлалло кхоьлина хуьлуьйту.
[11] Нагахь дIадер дерг а сийлалла долуш хилча,
тIаккха хIара цкъа а дIадер доцург кхин а сийлалла
долуш ду.

[12] Тхайн иштта сатийсар долу дела, майрра
къамел дан йиш ю тхан. [13] †Исраилан халкъ довр
долчу сийлаллин нуьре ца хьежийтархьама, шен
юьхь-дуьхьал пардо уллуш хилла волу Муса-
пайхамар санна ма дац вай. [14] Амма церан хьекъал
артдина дара. Делаца бинчу ширачу бартах лаьцна
долу тептарш шаьш доьшучу хенахь, и санна долу
пардо церан кхетамна дуьхьалара дIадаккхаза
дуьсу. Ткъа нагахь санна стаг Дала леррина
Къобалвинчуьнца воьзна бен вацахь, и пардо
дIадоккху. [15] Таханлерчу дийнахь а Муса-
пайхамаран Товрат-хьехамаш адамаша боьшуш
церан дегнаш тIехь пардо хуьлу. [16] ††Йозанашкахь
яздина ма ду: «Иза Везачу Элехьа мосазза воьрзу, и
пардо дIадоккхура» ‡. [17] Веза Эла – Са ду. Ткъа
Везачу Элан Са долчохь – паргIато а ю. [18] Ткъа вай
массара а дуьхьал пардо доцучу яххьашца,
куьзгано санна, Везачу Элан сийлалла дIагойту.
Массо а хенахь вайн сийлалла сов а йоккхуш, вай
Цуьнан васте хуьйцуьйтуш ду Делан Са долчу
Везачу Эло.

## Кхийрачу кхаби чохь йолу хазна

4 Делан къинхетамца оцу тайпана долу гIуллакх
дан тхайн йиш хиларна, тхо дог доьхна дац.
[2] Мелхо а, оха дитина массо а къайлаха а, эхье а
долу гIуллакхаш. Нах Iеха а ца бо, Делан дош
харцахьа а ца доккху оха. Ткъа тхаьш билггал
бакъдерг адамашна дIаделларна, Далла хьалха
хIора адаман эхь-бехкана оха дIагойту тхаьш
муьлш ду. [3] Нагахь оха кхайкхош болчу хазачу
кхоана дуьхьал цхьанна пардо хIуттуш делахь, иза
валаран некъа тIехь болчарна ду иштта.
[4] Бакъволчу Делах ца тешачеран хьекъал
бIарздина кху дуьненан харцдала, Делан вастехь
волчу Дала леррина Къобалвинчун сийлаллех
лаьцна болчу хазачу кхоан серло царна ца
гайтархьама. [5] Оха беш болу хьехамаш тхайх
лаьцна бац, амма Веза Эла волчу, Дала леррина
къобалвинчу Iийсах бу. Ткъа тхо Iийсан дуьхьа шун
ялхой ду. [6] ‡†ХIунда аьлча: «Боданера серло
схьакхетал!» – аьлла волчу Дала тхан дегнаш
серладаьхна, Ша леррина къобалвинчу Iийсан
юьхь тIехь лепаш йолчу Делан сийлаллех болчу
кхетаман серло вайн хилийтархьама.

[7] Ткъа и хазна оха тхешан кхийра кхабанаш чохь
лелайо. Иза ду тIех боккха болу ницкъ, тхоьгара а
боцуш, Делера хилар хаийтархьама. [8] Тхуна массо а
агIор кест-кеста ницкъ бо, амма тхо кхоччуш
хьаьшна дIа ца даьхна. Наггахь холчу хIиттадо тхо,
амма оха дог ца дуьллу. [9] Тхо лелхадо, амма дитина
дац тхо. Тхо охьадохку, амма тхо хIаллак ца хуьлу.
[10] Iийсан валар гуттара а тхешан догIмашца леладо
оха, Цуьнан дахар тхайн догIмашкахула
гучудаккхархьама. [11] ХIунда аьлча дийна долуш
Iийсан дуьхьа хIора денна а Iожаллин кхерамехь
хуьлу тхо, тхайн лийр долчу догIмашкахула Цуьнан
дахар гучудаккхархьама. [12] Цу тайпана Iожалла шен
Iалашо тхуна тIехь кхочушъян гIерта, дахар шуна
кхачийтархьама.

[13] ‡‡Йозанаш тIехь яздина ду: «Со тешаш хиларна,
со вистхилира». Тхешан тешаран дух цу дешнашца
цхьаьнадогIуш долу дела, тхо а, теша а тешаш,
дистхуьлу, [14] тхаьшна хаьа дела, Веза Эла волу
Iийса веллачуьра Денвинчо тхо а Цуьнца дендийр
дуйла, шуьца цхьаьна тхо Шена хьалха дIа а
хIиттош. [15] Оха и дерриг а шун дуьхьа деш ду. Ткъа
иза а деш, Делан дика дукха а адамашна дIакхочу,
Делан сийлаллина Далла боху баркаллаш алсам а
довлуьйтуш.

## Тешарца лела

[16] Цундела тхан дегнаш ца духу. Вайн догIмаш
тишлуш делахь а, вайна чуьра са де дийне мел
дели а карладуьйлу. [17] Йоццачу ханна тхан хуьлучу
баланаша, цкъа а йовр йоцу сийлалла яхьар ю
тхуна. И сийлалла барам боцуш совъюьйлу оцу
баланел. [18] Тхо гуш долчуьнга ца хьоьжу, амма гуш
доцучуьнга хьоьжу. ХIунда аьлча гуш дерг цхьана
заманна бен дац, ткъа гуш доцург гуттара а хир ду.

5 Иштта, вайна хаьа, кху лаьттахь вайн четар
санна долу хIара догIмаш хIаллакьхилча, Дала
луш долу стигалшкара цIа вайн хилар. Иза куьйга
дина а доцуш, гуттара а хин долу цIа ду. [2] Вешан
хIинца долчу догIмашкахь вай сатийсарца синош
доху, стигалшкара долу вайн керла цIа, бедар
санна, ваьшна тIедухар лууш. [3] И духар ваьшна
тIедухийтинчул тIаьхьа, вай дерзина карор ма дац!
[4] Лаьттара четарш санна долчу хIокху догIмашна
чохь а долуш, баланаша ницкъ барна синош доху
вай. ХIунда аьлча вайна ца лаьа тIеюьйхина хIума
йоцуш ваьш хуьлийла, амма стигалшкара долу
керла духар ваьшна тIедухийтина хила лаьа вайна,
дахаре лен дерг дIакхаллийтархьама. [5] Оццу
гIуллакхна кхоьллина ду вай Дала. Цо Шен Са
делла вайна закъалтана.

[6] Цундела тхо массо а ханна тешам болуш ду,
цIенош санна долчу оцу догIмашна чохь а долуш,
Везачу Элана уллохь долчу тхайн керлачу
цIеношна генахь хилар тхаьшна хуъушехь. [7] ХIунда

† *3:13 Арадаккхар 34:33.* †† *3:16 Арадаккхар 34:34.* ‡ *16-гIа аят иштта гочдан мегар дара: *«Стаг Везачу Элехьа мосазза воьрзу, и пардо дIадоккху».** ‡† *4:6 Доладалар 1:3.*

‡‡ *4:13 Забур 115:1 (Грекийн).*

аьлча тхо, гуш долчуьнца а доцуш, тхешан
тешарца дехаш ду. 8 Иштта, доьналла а долуш,
латтарчу дегIана чуьра а кхелхина, Везачу Элана
уллохь Iаш хилар гIолехь ма хета тхуна. 9 Цундела
тхуна, догIмашна чохь долуш я царна чуьра
кхелхина долуш, Везачу Элана тамехь дерг хилийта
лаьа. 10 †ХIунда аьлча вай дерриш а Дала леррина
Къобалвинчун кхелана хьалха дIахIиттa дезаш ду.
Вайх хIораммо а ваьш кху дегIа чохь дехачу хенахь
динчуьнга хьаьжжина, дика я вон и делахь,
доггIург схьаоьцур ду.

### Дала леррина Къобалвинчуьнгахула Делаца болу барт

11 Везачу Элах кхерар хIун ду тхайна хаьа дела,
адамаш кхето гIерта тхо. Далла тхох лаьцна дерриг
а хаьа. Тхох лаьцна долу дерриг а шуна а хууш
хиларе сатуьйсуш ву со. 12 Оха юха а хестош дац
тхаьш шуна хьалха. Ткъа оха тхайх дозалла дан
таро ло шуна. Иза оха ло, даг чохь долчух
дозаллаш ца деш, ткъа тIехула долчу хIуманех
дозаллаш деш болчаьрга дуьхьал ала шун хIума
хилийтархьама. 13 Тхо хьекъалх девлча, иза Делан
дуьхьа ду. Ткъа тхо хьекъале даьхкича, иза шун
дуьхьа ду. 14 ХIунда аьлча Дала леррина
Къобалвинчун безамо лелош ду тхо. Нагахь Цхьаъ
массеран а дуьхьа велла хилча, тIаккха, массо а
адам делла аьлла, жамI ма дина оха. 15 Иза
массеран а дуьхьа велла, дехаш долу адамаш
хIинца шайн дуьхьа а доцуш, амма, вала а велла,
веллачуьра денвина волчун дуьхьа
дахийтархьама.
16 Цундела хIинца дуьйна цхьа а адам кху дуьнен
чуьра болчара санна ца лору оха. Нагахь *Дала
леррина Къобалвинарг* оха кху дуьнен чуьра
болчара санна лерина хиллехь а, хIинца оха иштта
кхин ца лору Иза. 17 Иштта, Дала леррина
Къобалвинчуьнца верг – юхакхоьллинарг ву. Шира
дахар дIадаьлла, хIинца керланиг хилла
дIахIоьттина! 18 Ткъа и массо а хIума Делера схьа ду.
Дала Ша леррина Къобалвинчуьнгахула вай Шеца
тайтира. Цо тхуна тIе диллина адамаш Шеца таран
гIуллакх. 19 Адамаша летийна къинош царна
дуьхьал ца лоруш, Ша леррина
Къобалвинчуьнгахула дуьне Шеца тойтуш вара
Дела. Дала тхуна тIедиллина адамаш Шеца тойтуш
болу и кхаъ дIакхайкхор.
20 Тхо Дала леррина Къобалвинчун цIарах
дахкийтинарш ду, ткъа Дала Ша тхоьгахула шуьга
хаам беш санна хуьлу. Дала леррина
Къобалвинчун дуьхьа доьху оха шуьга: «Делаца
шаьш тайтийша!» 21 Шена тIехь цхьа а къа доцуш
Верг Дала вайн дуьхьа къинош летийнарг санна
вира, Ша леррина Къобалвинчуьнгахула вайх
Шена хьалха бакъдинарш хилийтархьама.

6 Делаца цхьаьна къахьоьгуш долчу оха чIогIа
дехар до шуьга, Делера шаьш тIеэцна долу
дика эрна ма хилийтийша. 2 ††ХIунда аьлча Дала
аьлла:
«Халкъе Со резахиларца хьоьжучу заманчохь
Суна хьан аз хезира,
кIелхьардоккхучу дийнахь
Аса гIо дира хьуна».
Ткъа хIинца тIееана Дела вайга резахиларца
хьоьжу и зама, хIинца ду и кIелхьардовларан де.
3 Цхьана а хIуманна тIехь цхьанна а вас хилийта
бахьана ца хуьлуьйту оха, тхаьш деш долу гIуллакх
емал ца дайтархьама. 4 Мелхо а, массо а агIор
Далла гIуллакх дийраш санна тхаьш хилар гойту
оха: баланаш а, халонаш а, бохамаш а доьналлица
тхаьш ловш. 5 ‡Иза оха гойту тхайна еттачу хенахь,
тхо набахти чохь дохкуш, карзахбевллачу наха тхо
лелхийна лелош, тхаьш къахьоьгуш, буьйсанна
наб яйна лелаш, мацалла ловш. 6 Иштта, тхайн
цIеначу дахарца, кхетамца, собарца, эсала
хиларца, Делан Синца, шалхонаш йоцучу цIеначу
безамца, 7 билггал бакъдерг кхайкхорца, Делан
ницкъаца гойту оха иза. Бакъваран герз тхан аьтту
а, аьрру а куьйгашкахь ду. 8 Тхан ларам а бо, тхо
сийсаза а доху. Тхуна лен а лоь, тхо хеста а до. Тхох
харцлуьйш дерш до, амма тхо бакъонца лела. 9 Тхо
гIарадевлла доцуш лору, амма тхо массарна а
девза. Тхо делла лору, ткъа тхо лан а ца ле. Тхуна
луьра таIзар до, ткъа тхо дайа а ца дойу. 10 Тхуна
халахетарш до, ткъа тхо гуттара а самукъане ду. Тхо
къен ду, амма дуккха а болчарна хьал ло оха. Тхан
хIумма а яц, амма массо а хIуманан дай ду тхо.
11 Коринтхой! Оха цIеначу дегнашца къамел до
шуьца. Тхан дегнаш дIаделладелла ду шуна. 12 Тхо
шух дIа ца къехка, ткъа шу шайн дегнашкахь тхох
дIакъехка. 13 Аса сайн берашка санна боху шуьга:
«Шайн дегнаш дIа а деллий, тхо шайца ма-хиллара,
хилийша шу а тхоьца».

### Дийна волчу Делан цIа хилар

14 Iийсах тешар доцучаьрца цхьана дукъа кIел ма
лелийша. ХIун юкъаметтиг ю те бакъдолчунна а,
харцдолчунна а юкъахь? ХIун уьйр ю те серлонна а,
боданна а юкъахь? 15 ХIун барт бу те Дала леррина
Къобалвинчунна а, иблисана ‡† а юкъахь? ХIун
цхьаалла ю те тешаш волчунна а, тешаш воцчунна
а юкъахь? 16 ‡‡ХIун цхьаьнадогIург ду те Делан
цIенна а, цIушна а юкъахь? Тхо дийна волчу *Делан
цIа* ма ду! Дала Ша ма-аьлла:
«Царна юкъахь вехар ву Со,
уьш болчохь лелар ву Со.
Со церан Дела хир ву,
ткъа царах Сан халкъ хир ду».
17 ‡‡†Цундела Везачу Эло боху:
«Царна юкъара дIа а довлий,
царах дIакъасталаш.

† 5:10 Римхошка 14:10.

†† 6:2 ЕшаI-ЯхIу 49:8. ‡ 6:5 Векалийн 16:23. ‡† Иблис *– ма-дарра аьлча: *Белиар. *Иза иблисан цу заман чохь лелачу цIерех цхьаъ ю.* ‡‡ 6:16 а: 1 Коринтхошка 3:16; 6:19; б: Iамалъяр 26:12; Яхьазкхиал 37:27. ‡‡† 6:17 ЕшаI-ЯхIу 52:11.

Суна хьалха боьха долчу хӀуманах ма
хьакхалойша,
тӀаккха Аса тӀеоьцур ду шу».
18 †«Со шун Да хир ву,
ткъа шу Сан кӀентий а, йоӀарий а хир ду, –
боху массо а ницкъийн Везачу Дала».
7 Сан хьоме доттагӀий! Дала вайна и ерриге а
чӀагӀонаш йина дела, вешан догӀмаш а, синош
а бехдеш мел долчух цӀанде вай. Деле болчу
ларамах дуьзна а долуш, чекхдовллалц ваьш
Цунна дӀало вай.

### ПахӀалан хазахетар

2 Тхо шайн дегнаш чу тардалийтийша! Оха
цхьанна а вониг ца дина, цхьа а дакъаза ца
ваькхина, цхьаьнггара а тхайна пайдехь дерг а ца
лехна. 3 Шух бехк баккхархьама ца боху аса иза. Аса
хьалха а аьллера, шуьца цхьаьна даллал а, дехаш
хиллал а шу тхан дегнаш чохь ду. 4 Сан шуьца
майра дийца йиш ю. Мел дозалла до аса шух.
Тхаьш оццул баланехь доллушехь, аша динчу
иракарахӀитторах вуьзна а ву со, сан хазахетар тӀех
а даьлла.
5 ††Тхо Македоне даьхкинчу хенахь, цхьана а
тайпана синтем бацара тхан. Массо а агӀор ницкъ
хиллера тхуна, арахула тӀебеана цатемаш а,
тхешан чохь болу кхерамаш а бахьана долуш.
6 Амма Шена муьтӀахь болчарна синтем луш волчу
Дала, Тита схьа а кхачийна, тхан синош
паргӀатдехира. 7 И синтем хилар, Тита схьакхачарна
хилла а ца Ӏаш, аша цуьнан догъэцарна а дара. Цо
дийцира, шу тхо ган лууш хиларх а, шайгара мел
даьллачунна шу дохкодовларх а, со ларван шу
кийча хиларх а лаьцна. Цундела со кхин а чӀогӀа
дог айаделла вара.
8 Сайн кехатца айса шуна халахетийтарна со
дохковаьлла хиллехь а, хӀинца айса и яздарна
дохко ца волу со, цу кехато шуна халахетар кӀеззиг
йолчу ханна бен ца дина дела. 9 Сан хӀинца долу
хазахетар шуна айса халахетар дина аьлла дац,
амма оцу халахетарехула, метта а даьхкина, Далла
тӀедерзар шун хиларна ду. Шун халахетар Делан
лаамехь хилла дара, цундела тхох цхьана а
тайпана зулам ца даьлла шуна. 10 Делан дуьхьа
хиллачу гӀайгӀано кӀелхьарвалар хуьлуьйтуш долу
Далла тӀеверзар до – и хиларна, стаг дохко ца волу.
Ткъа дуьненан гӀайгӀано Ӏожалла тӀейоуьйту.
11 Хьовсийша, Делан дуьхьа шуна хиллачу
халахетаро шу мел доггах дӀагӀоьртуьйту. Иза дина
а ца Ӏаш, шу бехке цахилар шуна дӀахаийта лаар
дойту цо. Ткъа, цул сов, мел эргӀаддевлла а, аша
мел орца доху а, со ган шун мел боккха лаам бу а,
мел чӀогӀа шу тӀедирзина а, царна таӀзар хиларна
шу мел кийча ду а хаийтина цо. Массо а оцу
хӀуманна тӀехь шаьш цӀена хилар гайти аша.
12 Айса иштта яздинехь а, вониг далийтинчун я
шена вониг хиллачун дуьхьа ца яздинера аса
шуьга, амма Далла хьалха аша тхан мел гӀайгӀа бо
шуна дӀаделладалийтархьама яздинера. 13 Цундела
тхуна синтем хилира.
Тхуна, синтем хилла а ца Ӏаш, кхин а доккха
хазахетар хилира Титин хазахетар бахьана долуш,
аша массара а цуьнан са иракарахӀотторна. 14 Цу
тайпана аша юьхьӀаьржачу ца хӀоттий со,
дозаллица шух лаьцна аса цуьнга дийцинчунна
тӀехь. Мелхо а, массо а хӀуманах билггал бакъдерг
оха шуьга дийцаре терра, Титина хьалха аса шух
дина дозалла бакъ хили. 15 Шун массеран а
муьтӀахь хилар а, кхерамца а, дегадарца а аша ша
тӀеэцар а дагадеача, кхин а чӀогӀа шух дог дӀаийна
хуьлу цуьнан. 16 Со чӀогӀа воккхавеш ву, массо а
хӀуманна тӀехь а шуна тӀетовжа сайн йиш хиларна!

### Комаьршаллица сагӀина хӀума ялар

8 ‡Ткъа хӀинца, динан вежарий, оха дӀахоуьйту
шуьга Македон-махкарчу динан тобанашна
Дала деллачу диканах лаьцна. 2 Шаьш баккхий
баланаш хьоьгуш боллушехь, цу тобанийн доккха
хазахетар а, йоккха къоьлла а хьалдолчу
комаьршалле делира. 3 Со теш ву цара доггах,
шайн дала йиш йолччул а, сов а деллачунна. Шайн
лаамца 4 цара чӀогӀа дийхира тхоьга, шайна там
хилийтархьама, Ярушалаймехь болчу Делан
нахана дан леринчу дикачу гӀуллакххехь шайга а
дакъалацийтахьара бохуш. 5 Тхуна хила ма-лаъара
хилла а ца Ӏаш, уьш хьалха Везачу Элана тӀе а
боьрзура, тӀаккха Делан лаамца шаьш тхуна
къобал а бора. 6 Цундела оха Тите чӀогӀа дийхира,
ша долийна долу и дика гӀуллакх доладаре терра,
чекхдаккха а шуна гӀо де аьлла. 7 Ткъа шун
кхиамаш алсамбуьйлу тешарехь а, дашехь а,
кхетамехь а, даггара хиларехь а, шайн тхоьга
болчу безамехь а ‡†. Массо а оцу гӀуллакхашца шу
тӀехдуьйлуш хиларе терра, шаьш дечу оцу дикачу
гӀуллакхна тӀехь а тӀехдовлуш хуьлийла шу.
8 Иза шуна тӀедуьллуш ца боху аса, амма,
кхиболчеран даггара хилар а гойтуш, шун безам
билггал доггах буйла зуьйш ву со. 9 ХӀунда аьлча
вайн Веза Эла волчу, Дала леррина къобалвинчу
Ӏийсан дика девза шуна. Ша хьал долуш
воллушехь, шун дуьхьа къий а велла, Шен къоьлла
бахьана долуш шу хьал долуш хилийтархьама,
дина Цо иза.
10 Цу тӀехь шуна пайденна долу цхьа хьехар до
аса, хӀунда аьлча стохка и дика гӀуллакх долийна а
ца Ӏаш, и доло лаам а хилла шун. 11 Шаьш дан
долийна гӀуллакх хӀинццехь кхочушде. Цу тайпана
шун хӀетахьлерчу доггах хиллачу лаамах тарлур ду
шайн долчу хьолах цу гӀуллакхна аша дакъа
дӀадалар. 12 Нагахь цхьаъ шен хӀума дӀадала доггах

† 6:18 Дауд 7:14; 1 Шерашкахь 17:13; ЕшаӀ-ЯхӀу 43:6; Ярми-ЯхӀу 31:9. †† 7:5 2 Коринтхошка 2:13.

‡ 8:1-4 Римхошка 15:26. ‡† Шайн тхоьга болчу безамехь *– цхьадолчу тептарш тӀехь иштта ду: *тхан шуьга болчу безамехь.*

лаам болуш велахь, Дала иза, цуьнан дала йолчу
тароне хьаьжжина, тIеоьцур ду, дала таро йоцург
ца хьехош.
[13] Шуна хало еш, ткъа кхечеран аьтто хилийта
деш дац иза, амма массарна а цхьабосса
хилийтархьама деш ду. [14] ХIинца шун совдаьллачо
церан кхачамбацар меттахIоттор ду. Ткъа тIаьхьо
церан совдаьлларг шун эшам болчун метта хир ду.
Цу тайпана шуна массарна а иза цхьабосса хир ду.
[15] † *Делан Йозанаш* тIехь яздина ма-хиллара: «Дукха
гулдиначун совнаха а ца хуьлура, ткъа кIезиг
гулдиначунна тIеоьшуш а ца хуьлура».

### Тита а, цуьнца цхьаьна гIуллакх дийраш а

[16] Тхуна санна, Титин даг чу а шуна гIо дан лаам
тесна волчу Далла баркалла боху оха. [17] Тхан дехар
тIеэцна а ца Iаш, Тита, шен а боккха лаам хиларна,
шен деган лаамца дIавогIу шу долчу. [18] *Хаза кхаъ*
дIакхайкхор бахьанехь, массо а динан
тобанашкахь хестош волу кхин а цхьа динан ваша
дIавоуьйту оха цуьнца. [19] Цул сов, и дика гIуллакх
дарна тIехь тхуна улловаккха хаьржина ву иза
динан тобанашна юкъара. Тхаьш гIо дан кийча
хилар гойтуш, Везачу Элан сийлаллина кхочушдо
оха и гIуллакх.
[20] ХIара гулдина доккха хьал бахьанехь, цхьаннан
а тхаьшна тIехтохам ца хилийта ларлуш ду тхо.
[21] ††ХIунда аьлча Везачу Элана хьалха хилла а ца
Iаш, адамашна хьалха а оьзда дерг дан дагахь ма
ду тхо.
[22] Тхайна юкъара кхоолгIа динан ваша а воуьйту
оха цаьрца цхьаьна. Дукхазза а массо а тайпана
гIуллакхашна тIехь зийча, иза чIогIа кийча хилар
зеделира тхуна. Иза хIинца кхин а чIогIа лууш ву
шу долчу ван, ша шух кIорггера теша дела. [23] Титех
лаьцна аьлча – иза сан юххера стаг ву, шуна
гIуллакх дарехь соьца цхьаьна къахьоьгуш волу.
Ткъа кхечу тхан динан вежарех аьлча – уьш Дала
леррина Къобалвинчунна сийлалла яхьаш болу
динан тобанашна юкъара къобалбинарш бу.
[24] Цундела динан тобанашна хьалха тоьшаллаш
дейша шайн безамах лаьцна, оха хьакъ долуш
шайх дозалла дар а гойтуш.

### Динан вежаршна деш долу гIо

9 Бакъдерг аьлча, аса-м шуьга яздан а ца оьшу
Делан нахана гIо дан дезарх лаьцна. [2] Шун
доггах хилар а гуш, шух дозалла до аса
македонхошна хьалха: «Стохка дуьйна а Ахаера
динан тобанаш доггах хIума яларан гIуллакхна
кийча ю» – бохуш. Шун доггах хиларо царах
дукхахберш иракарахIиттабора. [3] Ткъа шу долчу
аса динан вежарий бохуьйту, оха шух дина дозалла
эрна а ца хуьлуьйтуш, амма, аса ма-аллара, шу
кийча хилийтархьама. [4] Соьца шу долчу
македонхой бахкар а нисделла, ткъа шу кийча ца
хилар царна дIахиъннехьара, шу хIиттина а ца Iаш,
шух тешна Iаш долу тхо а юьхьIаьржачу хIуьттур
ма дара! [5] Цундела оцу динан вежаршка дехар дан
деза аьлла хийтира суна, уьш сол хьалха шу долчу
дIа а баьхкина, аша хьалххехь *ваIда* а деш, лур ду
аьлла совгIат цаьрга кечдайтархьама. Цу тайпана и
совгIат, ницкъаца даьккхина а доцуш, ткъа шун-
шайн лаамца делларг санна кийча хир ду.
[6] Цу тIе аса боху: кIезиг дIадуьйчо – кIезиг ялта
схьагулдийр ду, ткъа комаьршаллица дIадуьйчо –
алссам ялта схьагулдийр ду. [7] ХIораммо а шен даго
боххучул ло, дохко а ца волуш, дала деза аьлла а ца
луш. ХIунда аьлча самукъане а волуш луш верг
Далла веза. [8] Делан ницкъ бу шуна мел деш долу
дика алсамдалийта. Цу тайпана, массо а хIуманна
тIехь а, гуттара а шуна мел оьшург хир ду шун,
ткъа цунах алссам дуьсур ду шуна муьлхха а дика
гIуллакх дан. [9] ‡ *Делан Йозанаш* тIехь яздина ма-
хиллара:
«Тоам боллуш дIало цо мискачу нахана,
ур-атталла абаденналц а лаьтта цуьнан нийсо».
[10] ‡†ДIадуьйш волчунна хIу а, юуш волчунна юург
а Кхочуьйтучо шуна а хIу кхочуьйтур ду, иза алсам
а доккхур ду, ткъа шун нийсонца леларехула Цо
шортта ялта лур ду. [11] Иштта муьлххачу а хенахь
комаьрша хIума дIакховдо алссам хьал а лур ду
шуна Цо. ТIаккха дуккхаммо а, аша комаьршаллица
дIакховдийнарг тхоьгахула дIа а эцна, Далла
баркаллаш бохур ду. [12] ХIунда аьлча аша
кхочушдечу хIокху гIуллакхо, Делан нахана оьшург
хилийтина а ца Iаш, Далла олу баркаллаш дуккха а
тIехдовлуьйтур ду. [13] Оцу шун гIуллакхо шух до
тоьшалла бахьана долуш, Далла хастамаш бийр бу,
нахана хьалха шу тешна болчу Дала леррина
Къобалвинчун хазачу кхоана шу муьтIахь хиларна
а, шайн долахь дерг цаьрца а, кхиболчу массаьрца
а комаьршаллица доькъуш шу хиларна а. [14] Шайн
дегнашкахь шу дага а дохкуьйтуш, шуна тIера
доIанаш дийр ду цара, Дала шуна дина инзаре
доккха дика бахьана долуш. [15] Далла баркалла
олийла вай, Цуьнан дийцалур а доцу совгIат
бахьанехь!

### ПахIала шен динан гIуллакх лардар

10 Шуна дуьхьал волчу хенахь эсала волуш,
ткъа дуьхьал воцучу хенахь майра волчу аса,
ПахIала, Дала леррина Къобалвинчуьнгара долчу
эсалаллица а, Цуьнгара болчу къинхетамца а
кхетадо шу. [2] Аса дехар до шуьга, шу долчу веанчу
хенахь, тIех майралла гайта ма дезийталаш сан.
Цхьаболчу, тхо кху дуьнен чуьра берш санна лелаш
ду бохучарна, и сайн тIех йолу майралла гайта
ваьхьар ву со. [3] ХIунда аьлча оха, массо а адам
санна, кху дуьнен чохь тхаьш доллушехь, цара
санна, тIемаш ца бо. [4] Тхайн тIемашкахь оха леладо
герзаш кху дуьнен чуьра герзаш дац. Мелхо а, Дала
цу герзашна Шен ницкъ белла, цаьргахула тхоьга

† *8:15 Арадаккхар 16:18.* †† *8:21 Кицанаш 3:4 (Грекийн).*

‡ *9:9 Забур 111:9.* ‡† *9:10 ЕшаI-ЯхIу 55:10.*

гІепаш хІаллакьяйтархьама. Мекара ойланаш а,
5 Дела вовзарна дуьхьал лакхайоккху муьлхха а
куралла а йохайо оха цаьрца. Муьлххачу а
ойланашна цаьрца йийсар до оха, уьш Дала
леррина Къобалвинчунна муьтІахь ярхьама. 6 Дала
леррина Къобалвинчунна шун муьтІахь хилар ма-
бохху кхочушхилла даьлча, тхо кийча ду, цунна
дуьхьал долчу муьлххачу хІуманна а таІзар дан.
7 Ткъа гІуллакх билггал муха ду, шу-шаьш хьовсал!
Ша Дала леррина Къобалвинчуьнца ву аьлла
тешна волчунна хаа деза, тхо а шаьш санна,
Цуьнца дуйла. 8 Нагахь аса, шун гІуллакх дохорна а
доцуш, ткъа иза тодархьама, Везачу Эло тхайна
деллачу олаллех долу дозаллаш кхин а совдаьхна
хилча а, тІаккха а юьхьІаьржачу хІуттур вацара со.
9 Амма шуна ма моттийла, со кехаташца шу кхеро
гІерта аьлла. 10 ХІунда аьлча со цавезачара олу:
«Цуьнан кехаташ маьІна долуш, ницкъ болуш ду,
ткъа иза ша дуьхьал волуш эгІаза ву, цо до къамел
дегаза а ду». 11 И бохуш волчунна хаа деза, тхо
шуна юкъахь доцчу хенахь тхайн кехаташ тІехь оха
яздеш дерг а, тхо шуна юкъахь долуш оха ден дерг
а цхьаъ дуйла.
12 Тхуна ца лаьа шаьш лакхара хеташ болчу
цхьаболчаьрца дустадала а, царах тардала а. Цара,
шаьш вовшашца а дустуш, дуьхь-дуьхьал а
хІуьттуш, шайн сонталла гойту. 13 Дала тхуна
билгалдаькккхинчу гІуллакхан дозанашкахь бен
дозаллаш дийр дац оха, ткъа билгалдаькккхинчу
гІуллакхан дозанашна юкъахь шу ма ду. 14 Тхайна
билгалдаькккхинчу дозанел тІех ца девлира тхо,
Дала леррина Къобалвинчух лаьцна болу *хаза кхаъ*
шуьга дІа а кхайкхош, шу долчу тхаьш кхаьччa.
15 Дала тхайна деллачу дозанал тІех а девлла,
тхаьш дина доцучу гІуллакхех дозаллаш деш дац
тхо. Мелхо а, оха сатуьйсу, шун тешар чІагІ а луш,
Дала тхаьшна тІедиллинчул тІех а ца довлуш, кхин
а дуккха а гІуллакхаш шуна юкъахь дан. 16 ТІаккха
шу долчохь кхайкхийна ца Іаш, шуна генахь болчу
кхечу мехкашкахь а кхайкхо йиш хир ю тхан хаза
кхаъ. Цу тайпана, кхечу цхьаннан дозанашкахь
динчу гІуллакхех дозалла дийр дац оха.
17 †Йозанашкахь ма-аьлла: «Ша дозалла дан лууш
волчо – Везачу Элах дозалла дойла». 18 ХІунда
аьлча ша-шех дозалла деш верг къобал ца во,
амма Везачу Эло дозалла деш верг къобалво.

### Харцвекалш

11 Со жимма сонта хиларна, сатохахьара аша
суна. Билггал сатохийша суна! 2 Дикачу агІор
йолу эмгаралла ю сан шуьца, иза Делера а ю. Ас
шуна захало дийцира цхьана стагаца, иза *Дала
леррина Къобалвинарг* ву. Цунна хьалха, цІена
йоІстаг санна, шу дІахІитто лаьа суна. 3 ††Амма со
кхоьру, шен хІилланца лаьхьано Іехийна йолу
Хьава санна, Дала леррина Къобалвинчунна
догцІена а, даггара а тешаме хиларх мухха а шун
хьекъалш ледийр дуй те аьлла. 4 ХІунда аьлча аша
самукъадаларца тІеоьцу оха шуна хьехнарг а
воцуш, кхин Іийса шайна хьоьхуш верг. Иштта,
тхоьгара схьаэцначу Синах а, хазачу кхоах а тера
доццушехь, кхин тайпана долу са а, *хаза кхаъ* а
атта тІеоьцу аша!
5 ХІунда аьлча оцу шун «лакхарчу векалел» со
цхьана а хІуманна тІехь а оьшуш ца хета суна.
6 Кхоччуш хаза къамелаш ца дан там бу аса, амма
кхетам тІехь цатоам бац сан. Цунах-м оха массо а
хІуманна тІехь шу тешийна.
7 Хаза кхаъ айса шуна дІакхачош, шуьгара мах а
ца боккхуш, шу лакхадахархьама, со лахара а
хоьтуьйтуш лелаш хилча, къа латийна хуьлий те
аса? 8 Шуна гІуллакх дархьама, кхечу динан
тобанашкара лечкъош верг санна хуьлура со,
цаьргара ахча схьа а оьцуш. 9 ‡Шу долчохь тхо
долуш, цхьацца хІуманна тІехь тхаьшна эшам
хуьллушехь, шуна цхьанна а бала ца бора оха
тхайх. ХІунда аьлча суна оьшуш дерг Македонера
баьхкинчу динан вежарша кхочушдора. Массо а
хІуманна тІехь шуна сайх бала ца бан гІиртира со,
хІинца чул тІаьхьа гІертар а ву. 10 Дала леррина
Къобалвинчун бакъдерг билггал сайна чохь
хиларца аса чІагІо йо, Аса дозалла дар Ахай-
махкахь цхьаммо а соьгара дІадоккхур дац аьлла.
11 ХІун бахьана ду те цуьнан? Дуй те иза, суна шу ца
деза бохург? Далла хаьа, суна шу мел деза!
12 Амма хІинццалц леллачу тайпана кхидІа а
лелар ву со, оцу вукху «векалийн», шаьш тхох тера
векалш ду аьлла, дозалла дан йиш ца хилийта.
13 ХІунда аьлча уьш харцвекалш а, мекара
гІуллакхдийраш а бу. Цара шаьш Дала леррина
Къобалвинчун векалш ду моттуьйту. 14 Иза
инзарвала хІума дац, хІунда аьлча иблисо ша а
моттуьйту ша серлонан *малик* ду. 15 Цундела доккха
хІума а дац, нагахь цуьнан гІуллакх деш
тІаьхьахІиттинчара шаьш Делан лаамна
гІуллакхаш до моттийтича а. Амма церан чаккхе
церан гІуллакхашка хьаьжжина хир ю.

### Векал волчу ПахІала хьегна баланаш

16 Аса юха а боху: цхьанна а со сонта ву ма
мотталаш. Ткъа шайна со иштта хеташ велахь а, со
сонтаниг санна тІеэцийша, сан жимма а сайх
дозалла дан йиш хилийта. 17 Айса дуьйцург Везачу
Элаца волуш санна ца дуьйцу аса, ткъа шен
къамелах тешна Іаш волчу сонтачо санна дуьйцу.
18 Кху дуьнен чуьра болчара санна, дукххаболчара
дозалла деш хилча, аса а дийр ду дозалла. 19 ХІунда
аьлча аша, кхетам болуш долчу адамаша, дог
дарца садетта оцу сонтачарна. 20 Аша са ма туху,
шайх леш дича а, шайна бала бича а, шайга харж
яйтича а, шайна куралл аш йича а, шайн юьхь тІе
йиттича а. 21 Сайн эхьана эр ду аса, цу тайпана долу
гІуллакхаш лело тхан ницкъ ца кхочура.

---

† 10:17 Ярми-ЯхІу 9:24. †† 11:3 Доладалар 3:1-5, 13.

‡ 11:9 Пилапхошка 4:15-18.

Нагахь цхьана хIуманна тIехь цхьаъ дозалла дан
ваьхьаш велахь – аса сонтачо санна боху – со а
ваьхьар ву дозалла дан. 22 Уьш Iебархой буй? Со а
ву. Уьш исраилхой буй? Со а ву. Уьш ИбрахIиман
хIух буй? Со а ву. 23 †Уьш Дала леррина
Къобалвинчунна гIуллакх дийраш буй? Аса
хьераваьллачо санна дуьйцу, амма со царал а сов
Дала леррина Къобалвинчунна гIуллакх дийриг ву.
Цара чул а дукха къахьоьгура аса. Царал а дукха
набахти чохь воллура. Царна чул а дукха шодмаш
еттара суна. Уьш хуьлучул а дукхазза а Iожаллин
кхерамехь хуьлура со. 24 ††ЯхIудхоша пхоьазза шед
йиттина суна, хIоразза а ткъе ткъайоьсназза а
тухуш. 25 ‡Кхузза гIожмаш йиттина суна. Цкъа тIе
тIулгаш кхиссина суна. Со тIехь а волуш, хIордкема
кхузза дуьйхира, аса цхьа дей-буьйсий хIорда чохь
а даьккхира. 26 ‡†Мосуьйттазза араваьлла леларг
хилла а лелла со. ТIедевллачу хишкахьара
кхерамаш а хилла суна. Талорхошкахьара
кхерамаш а хилла суна. Сайн тайпанах болчу
нахехьара а кхерамаш хилла. Кхечу
къаьмнашкарчу нахехьара кхерамаш беана.
ГIалахь а, яьссачу аренгахь а, хIорда тIехь а кхерам
болуш лелла со. Динан харцвежаршкахьара
кхерамаш лайна аса. 27 Иштта къахьоьгуш а, болх
беш а хилла со. Дукхазза а наб йоцуш а, меца
волуш а, хьогах волуш а, кхача боцуш а, шело
ловш а, тIеюха бедар йоцуш а хан яьккхина аса.
28 Кхузахь хьахийна хIуманаш доцург, ерриге а
динан тобанийн баланийн Iаткъам кхочу суна.
29 Мила ву гIело хьоьгуш, аса а шеца гIело хьоьгуш
воцург? Мила ву галвалийтина, со кийрахь шех
вогуш а воцуш?
30 Айса дозалла дан дезахь, сайн гIорасиза хиларх
дозалла дийр ду аса. 31 Гуттара а декъала волу Веза
Эла волчу Iийсан Да волчу вайн Далла хаьа, со
харц луьйш воцийла. 32 ‡‡Со Дамасакхехь волчу
хенахь, ХIарти-паччахьан мехкадас Дамасакх-
гIалин Iуналла дора, со схьалаца дагахь. Ткъа со
корехула тускар чохь пенаца охьаваийтира. Иштта
кIелхьарвелира со цуьнан карара.

### Дала ПахIална хIиттийна суьрташ а, дIаделладаларш а

12 КхидIа дозалла дан деза сан, цунах бала цхьа
а тайпана пайда бацахь а. Везачу Эло сайна
хьалха хIиттийначу суьртех а, дIадиллинчу
хIуманех а лаьцна дуьйцур ду аса. 2 Суна Дала
леррина Къобалвинчуьнца волу цхьа стаг вевза.
Дейтта шо хьалха, (дегIаца я синца ваьккхина ца
хаьа суна, иза Далла бен хуур дац) и стаг кхоалгIачу
стигала хьалаваьккхина хилла. 3 И стаг, (дегIаца я
синца делахь а, суна иза ца хаьа, цхьана Далла
бен) 4 ялсамане кхачийна. Цигахь цхьаьнгге а
алалур доцу дешнаш хезна цунна. И дешнаш
цхьаммо а ала мегар дац. 5 Иштточу стагах дозалла
дойла ю сан. Ткъа сайх дозалла дойла яц сан, сайн
гIорасизаллех доцург. 6 Нагахь сайна дозалла дан
лиъча а, со сонта хир вац, аса бакъдерг дуьйцу
дела. Амма айса сайх дозаллаш дарх юхауьйзу аса
со, шух цхьанна соьгара гиначул а, соьгара
хезначул а совдерг ца хетадалийтархьама.
7 Делера долу даккхий дIаделладаларш бахьана
долуш со кура ца валийта, сан дегIах цхьа кIохцал
дахийтинера: со хьийзорхьама, иблисан геланча
ваийтинера! 8 Везачу Эле кхузза дехнера аса, и
кIохцал сох дIакъастаде аьлла. 9 Ткъа Везачу Эло
соьга элира: «Тоьар ду хьуна Соьгара долу дика,
хIунда аьлча Сан ницкъ хьан гIорасизаллехула
кхоччуш гучубоккху». Суна чохь Дала леррина
Къобалвинчун ницкъ хилийтархьама, сайн
гIорасизаллех долу дозаллаш совдохур ду аса.
10 Дала леррина Къобалвинчун дуьхьа иза хиларна,
со реза ву сайн гIорасизаллина а, со дола хетарна
а, халонашна а, суна тIаьхьабовларна а,
цатемашна а, хIунда аьлча со гIорасиза волччу
хенахь сан ницкъ а хуьлу.

### ПахIала коринтхойн гIайгIа бар

11 Сайх сонтаниг вира аса, амма иза аша дайтира
соьга. Сох дозаллаш аша дан дезара, хIунда аьлча
со хIумма а воцург велахь а, оцу шун «лакхарчу
векалел» со цхьана а хIуманна тIехь а оьшуш вац.
12 Шуна юкъахь а хуьлуш, мел долчу собарца со
векал хиларан тоьшалла дора ас: аса тамашийна
гIуллакхаш а, инзаре хIуманаш а, нуьцкъала
гIуллакхаш а дора. 13 Шуна сайх бала ца бар доцург,
кхечу динан тобанашца чул шуьца хIун вон хилира
со? Оцу бехкана къинтIерадовлалаш суна.
14 ХIинца кхозлагIа а шу долчу ван кийча ву со.
Аса бала бийр бац шуна сайх. Шуьгара хIумма а ца
доьху аса, ткъа шу лоьху. Бераш дац шайн дена-
нанна бахам бан дезаш, амма дас-нанас шайн
берашна бан беза иза. 15 Лаа а лууш, сайн мел болу
бахам а, ур-атталла со-со а дIалур вара ас шун
дуьхьа. Шуьга болу сан безам сов а болуш, соьга
болу шун безам лагIлур буй те?
16 Шу реза хир ду аьлла хета суна, шуьгара хIума
сайна схьа ца эцна ас. Амма цхьаболчара боху, аса
иза сайн мекарлонашца а, хIилланашца а шуьгара
схьаяьккхина. 17 ТIаккха шу долчу веанчу
цхьанненгахула а сайна пайда ийцирий те аса
шуьгара яьккхинчух? 18 Аса Тите шу долчу вахар
дийхира, цуьнца цхьаьна динан вежарех цхьаъ
вохуьйтуш. Шуьгара хIумма а схьаийцирий цо?
Дийриг цхьана синехула деш дацара оха, цхьана
новкъахула лелаш дацара тхо?
19 Тхо шайна хьалха бехказадуьйлу-м ца моьтту те
шуна хIинца а? ХIан-хIа! Дала леррина
Къобалвинчуьнца а долуш, оха Далла хьалха боху
шуьга. Ткъа и дерриге а, хьоменаш, шу синца
чIагIдархьама деш ду. 20 Кхоьру со, шу долчу веача,
сайна луур доцучу тайпана шу хилла карорна.

† 11:23 Векалийн 16:23. †† 11:24 Карлабаьккхинарг 25:3.
‡ 11:25 а: Векалийн 16:22; б: Векалийн 14:19. ‡† 11:26 а:
Векалийн 9:23; б: Векалийн 14:5. ‡‡ 11:32 Векалийн 9:23-25.

Иштта со кхоьру, со хила луур доцучу кепехь шуна
со каравархх. Кхоьру со, шуна юкъахь иштаниг
карадарна: девнаш дийлар, хьагI хилар, дералла,
шена пайда лехар, мотт беттар, харцдерг кхоллар,
куралла хилар, низам цахилар. 21 Со кхоьру, шу
долчу юхавеача, сан Дала шуна хьалха со лахара
хетийтарх. Хьалха къинош а летийна, ткъа хIинца а
сийсаза леларх а, хьарамлонаш лелаярх а, меттаза
леларх а дIа ца бирзина болчу дуккхахболчарна
тIехь сайн велха дезарх кхоьру со.

### Хьехамашший, маршаллашший

13 †Со кхозлагIа а вогIу шу долчу. Делан
Йозанаша боху: «ХIорра а бехкевар шина я
кхаа тоьшалла дечеран багахула бен чIагIдийр
дац». 2 Со шозлагIа веанчу хенахь, аса дIахьедар
динера къинош летош болчаьрга а, кхиболчу
массаьрга а, ткъа хIинца, со шу долчу дIавале, ас
кхин цкъа а дIахоуьйту цаьрга: со юха дIавеача,
цхьаннах а къинхетам бийр бац аса. 3 Соьгахула
бохуш верг *Дала леррина Къобалвинарг* хиларан
тоьшалла лоьху те аша? Шуьца ларош волу Иза
гIорасиза вац. Мелхо а, Цо Шен ницкъ шуна
юкъахь гойту. 4 ХIунда аьлча Иза гIорасизниг санна
жIарах дIатоьхнехь а, амма Делан ницкъаца дийна
ву. Иштта тхо а ду, Цуьнца долуш гIорасиза делахь
а, амма шун дуьхьа тхо Делан ницкъаца дехар ду
Цуьнца цхьаьна.
5 Баккъалла а тешарехула шаьш дехаш дуй те
аьлла, шаьш-шайн зелаш. Шаьш-шайн талла. Я
шуна ца хаьа те, Дала леррина Къобалвина Iийса
шуьца вуйла? Я зерах чекх ца девлла те шу? 6 Зерах
чекх ца довлалуш тхо ца диснийла шуна хуур ду
аьлла, со тешна ву. 7 Оха Деле доIанаш до, шуьга
цхьана а тайпана зулам ца дайтар доьхуш. Иза оха
ца доьху, тхаьш зерах чекхдевлла хилар
гайтархьама, амма тхо зерах чекх ца девлла шуна
моьттушехь, шуьга дика дайтархьама доьху.
8 ХIунда аьлча билггал бакъдолчунна дуьхьалдовла
ницкъ бац тхан, амма цунна гIоле хIума дан ницкъ
болуш ду. 9 Тхо гIорасиза долчу хенахь, шу ницкъ
болуш хиларна даккхийдеш ду тхо. Оха Деле
доIанаш до, шун кхоччуш кхиар хилар доьхуш.
10 Со шу долчу вале, яздо аса шуьга, шу долчу
веача, Везачу Эло сайна хIаллакдан а доцуш, синца
чIагIдарна деллачу олаллица со шуьца тIех буьрса
ца хилийтархьама.
11 Чекхволуш, динан вежарий, маршалла ло ас
шуьга! Кхоччуш хила гIерталаш, сан кхайкхамашка
ладогIалаш, шайн ойланашца цхьаалла йолуш
хилалаш, машарца Iелаш. ТIаккха безаман а,
машаран а волу Дела шуьца хир ву.
12 Доггах †† вовшашка маршаллаш хатта.
Делан долахь болчу массара а маршаллаш
доуьйту шуьга.
13 Веза Эла волчу, Дала леррина къобалвинчу
Iийсан дика а, Делан безам а, Делан Синан тIекаре
а хуьлийла шуьца массаьрца а.

† *13:1 Карлабаьккхинарг 17:6; 19:15.*

†† *Доггах *– ма-дарра аьлча: *Беза барт баккхарца...**

# Галатахошка

## Дешхьалхе

Іийсан болу хаза кхаъ кхайкхо болийча, жуьгтий боцурш, кхечу къаьмнех болу нах а и тІеэца хІиттира. ТІаккха хаттар кхолладелира: товрат-хьехамаша бохург дан дезий стага, Іийсах билггала тешаш верг хилархьама? ПахІала гойту иза оьшуш ца хилар. Дала леррина Къобалвинчуьнца долчу дахаран бух а хилла дІахІоьттинарг тешар ду. Тешарехула массо а Далла хьалха бакъ ву. Рим-мехкан цхьа дакъа долчу Галатехь Іийсах тешачийн тобанашкахь бара ПахІална дуьхьал болу нах. Цара дІакхайкхийра, Іийсах тешаш болчара товрат-хьехамаш а лара беза Далла хьалха бакъхилархьама.
Харцхьехамо лебина нах бакъдолчу тешарна а, билггала долчунна а тІеберзорхьама яздина ду . Цо боху, ша векал хилар Делера ду, адамийн муьлххачу а Іедалера дац, леррина кхечу къаьмнийн нахана юкъахь кхайкхам бан дезаш ву иза. Цул тІаьхьа цо тІечІагІдо адамаш тешарехула бен Далла хьалха бакъ ца хилар. Тептаран чулацамехь ПахІала гойту Іийсах тешачеран дахаран хьал Дала леррина Къобалвинчух долчу тешарх схьаболучу безамца доьзна хилар.

### ПахІала маршалла доуьйту

1 ХІара кехат яздо шуьга аса, *векал* волчу
ПахІала. Цхьанна а тобано я цхьанна а
адамехула къобалвина вац со. Векал а вина, со
дІахьажийнарш бу Дала къобалвина волу Іийса а,
Иза веллачуьра денвина волу вайн Да волу Дела а.
2 Аса а, соьца болчу массо а динан вежарша а
маршалла доуьйту шуьга, Галата-махкарчу Іийсах
тешначу нехан тобанашка. 3 Вайн Да волчу Делера
а, вайн Веза Эла волчу Дала леррина къобалвинчу
Іийсагара а долу дика а, машар а хуьлда шуна.
4 Вайн къинош бахьана долуш Ша дІавелла Цо,
вайн Да волчу Делан лаамца кху зуламечу заманах
вай кІелхьардахархьама. 5 Сийлалла хуьлийла
Цуьнан массо а заманахь. *Амин*.

### Хаза кхаъ цхьаъ бен бац

6 Со цецвуьйлу шух! Дала леррина Къобалвинчун
маьхза долу дика бахьана долуш Дала шу Шена тІе
ма озийна! Ткъа шу, иштта сиха Цуьнгахьара дІа а
дирзина, кхечу хьехамна тІаьхьахІитта дохку.
7 Ткъа иза-м кхин тайпа *хаза кхаъ* бац, амма
цхьаболу нах бу шун дегнаш чу шеко а тосуш, шуна
Дала леррина Къобалвинчо беана хаза кхаъ
харцахьабаккха лууш.
8 Ткъа оха шуна беанчу хазачу кхоана метта я оха
а, я стигаларчу малико а кхин кхаъ бахьахь, Делан
неІалт хуьлийла царна. 9 Айса хьалха ма-аллара,
хІинца юха а боху ас: нагахь аша тІеэцна болчу
кхоана дуьхьал цхьаммо кхин кхаъ беанехь, Делан
неІалт хуьлийла цунна тІехь.
10 Ткъа хІинца нахана хьалха диканиг хилар лоьху
те ас я Далла хьалха дика хилар лоьху те?
Адамашна хьалха диканиг хилар лоьхий те ас?
Нагахь аса адамашна хьалха со дика хетар хІинца а
лехахьара, Дала леррина Къобалвинчун гІуллакх
деш верг хир вацара со.

### Муха хилира ПахІалах векал?

11 Аса дІахоуьйту шуьга, динан вежарий,
йижарий, ас шуна кхайкхийна хаза кхаъ
адамашкара боцийла. 12 ХІунда аьлча аса и хаза
кхаъ адамашкара тІеэцна а бацара, амма Дала
леррина къобалвинчу Іийсас и кхаъ суна
бовзийтина хилар бахьана долуш, ас и кхаъ
тІеийцира. 13 †Шуна хезна-кх сох лаьцна, хьалха
бакъволу жуьгти хилла леллачу хенахь со муха
вара. Шуна хаьа, мел къиза тІаьхьаваьллера со
Іийсах тешначийн Делан долахь йолчу тобанашна,
уьш хІаллак а еш. 14 ††Сайн тайпанара болчу
жуьгтийн нийсархошна юкъахь, сайн дайша
лелийна Іадаташ лардар тІехь хьалхе йоккхуш стаг
вара со. 15 ‡Со дуьненна тІе а валале, со
къастийначу Дала, Ша суна динчу диканца, 16 суна
хьалха Шен КІант дІахІоттийра, Цунах лаьцна болу
хаза кхаъ, жуьгтий боцучу, кхечу къаьмнех
болчарна а кхайкхорхьама. Со ца вахара цхьанна а
адамах дагавала а, 17 я Ярушалайм-гІала а ца
вахара со, сол хьалха векалш хилла болчарна тІе.
Амма со Іаьрби-махка а вахана, тІаккха Дамасакх-
гІала юхавирзира. 18 ‡‡Цул тІаьхьа, кхо шо даьлча,

† *1:13 Векалийн 8:3; 22:4, 5; 26:9-11.* †† *1:14 Векалийн 22:3.*
‡ *1:15, 16 Векалийн 9:3-6; 22:6-10; 26:13-18.*

ШамIа-Кипа вовзархьама Ярушалайм-гIала вахара
со. И волчохь аса пхийтта де даьккхира. 19 Ткъа
кхечу векалех, Везачу Элан ваша Якъуб воцург,
цхьа а ца гира суна. 20 Ас шуьга яздийриг бакъ
хиларх Дела теш ву. 21 ТIаккха Сири-махка а, Килик-
махка а вахара со. 22 Ткъа Дала леррина
Къобалвинчух тешаш болчу жуьгташна со юьхь
тIера ца вевзара. 23 Царна хезнера, наха олуш:
«Хьалха вай хIаллакдан тIаьхьаваьлла волу стаг ша
бухенца дIадаккха гIиртина долу дин хIинца
кхайкхош лелаш ву», – аьлла. 24 ТIаккха суна тIера
цара Далла хастамаш бора.

### Вукху векалша ПахIал тIелоцу

2 †Цул тIаьхьа дейтта шо даьлча, со юха а Бар-
Наабаца, сайца Тита а вуьгуш, Ярушалайме
вахара. 2 Со вахара, Дала, цига со ваха веза аьлла,
сайна схьадиллина дела. ТIаккха айса кхечу
къаьмнашна юкъахь кхайкхош болу *хаза кхаъ*
цигахь болчу динан вежаршна а бовзийтира аса.
Амма аса иза, массо а халкъана юкъахь доцуш,
шун керла векалш болчуха лелачарна юкъахь
дIабовзийтира, айса хьалха дина а, хIинца до а
гIуллакх эрна ца хилар хаархьама. 3 Ур-атталла
соьца волу Тита а, грекахо воллушехь, сунтван ца
дийзира. 4 Ткъа сунтварах лаьцна дийца дийзира
тхан. ХIунда аьлча цхьаболу харцвежарий
къайлаха тхуна юкъабаьхкинера, Дала леррина
къобалвинчу Iийсаца хиларна тхан йолчу
паргIатоне а хьаьвсина, юха а тхох леш дархьама.
5 Оха цара бохург ца дира, хазачу кхоан тIехь долу
бакъдерг шуьца хилийтархьама. 6 ††Ярушалаймера
тешаш болчу наха лоруш болчара а (уьш хьалха
муьлш хиллехь а, суна-м бен а дац, хIунда аьлча
Далла хьалха массо а адам цхьаъ а ду) сан
хьехамна хIумма а тIе ца туьйхира. 7 Цара мелхо а
чIагIдира, хаза кхаъ кхечу къаьмнашна кхайкхор
суна тIедиллина хилар, иза жуьгташна хьехар
Кипина тIедилларе терра. 8 ХIунда аьлча Кипех
жуьгтийн халкъана векал Винчо, сох а вина кхечу
къаьмнашна векал. 9 Дала и Шен дика суна а
деллий хиъча, Iийсах тешаш болчу наха шайн
гIорториаш лоруш болчу Якъуба а, Кипас а, Яхьъяс а
соьга а, Бар-Наабе а доттагIаллин куьг кховдийра.
Цара барт бира, уьш жуьгташна хаза кхаъ
кхайкхош баха беза, ткъа тхо иза кхечу
къаьмнашна кхайкхош даха деза аьлла. 10 Деккъа
цхьа дехар дира цара: мисканаш дагахь латтабар.
Изза дан со а чIогIа гIертара.

### ПахIала Кипа бехкевар

11 Ткъа Кипа Антиох-гIала веанчу хенахь, иза суна
юьхь-дуьхьал волуш, со дуьхьалвелира цунна, и
бехке волу дела. 12 ХIунда аьлча, Якъуб волчуьра
цхьаболу нах схьабахкале, Кипас яа хIума йоура
кхечу къомах сунтбаза болчу нахаца цхьаьна. Ткъа
Якъуб волчуьра и сунтбина болу нах баьхкича,
царах ийзалуш, иза юьстахвуьйлура. 13 Цуьнца
цхьаьна кхиболу жуьгтий а буьйлабелира
моттаргIанаш ян. Цундела ур-атталла Бар-Нааба а
дIакхийтира моттаргIанаш лелочарех.
14 Амма, уьш хазачу кхоан тIера бакъдолчуьнца
нийсса лелаш ца хилар сайна гича, массарна
хьалха аса Кипе элира: «Нагахь хьо, жуьгти
воллушехь, жуьгтий санна а ца лелаш, кхечу
къаьмнех берш санна лелча, ахьа муха гIертор бу
уьш жуьгтийн Iадаташ тIе?
15 Вайшиъ дуьнен чуволуш дуьйна а жуьгти ву.
Шайна тIехь къинош долчу къаьмнашна юкъа ца
вогIу вайшиъ. 16 ‡Амма вайна хууш ду, Дала
леррина къобалвинчу Iийсах тешаро бен цхьа а
адам Далла хьалха бакъ ца дойла. Товрат-
хьехамаш кхочушбарца цхьа а Далла хьалха
бакъвийр вац. Иштта вайшиъ Дала леррина
къобалвинчу Iийсах тешнера, товрат-хьехамаш
тIера гIуллакхаш кхочушдарца а доцуш, амма ваьш
Дала леррина къобалвинчу Iийсах тешарца Далла
хьалха бакъхилийтархьама. ХIунда аьлча кху
дуьненара цхьа а адам товрат-хьехамаш тIера
бакъахьара гIуллакхаш кхочушдарца кIелхьардер
дац. 17 Нагахь, Дала леррина Къобалвинчуьнца
хиларна, Далла хьалха ваьш бакъдар лоьххушехь
вайшиъ а къинош летораш санна лелча, *Дала
леррина Къобалвинарг* вуй те вайга къилахь долу
гIуллакхаш дойтуш верг? Дера вац! 18 ХIунда аьлча,
цкъа хIаллакдинарг юха меттахIоттош хилча, аса
товрат-хьехамашна дуьхьал а ваьлла, со зуламхо
хилар гойту. 19 Товрат-хьехамаша со хIаллаквина,
цундела со оцу хьехамашна гергахь велла ву,
Делан дуьхьа в�хархьама. Со а, Дала леррина
Къобалвинчуьнца жIарах дIатоьхча санна, велла.
20 Бакъдерг аьлча хIинца вехаш верг со вац, ткъа
Дала леррина Къобалвинарг соьгахула вехаш ву.
Со дилха долуш вехаш хиларан бахьана ду, со веза
а везна, Ша сан дуьхьа дIавелла волчу Делан
КIантах тешаш со вехаш хилар. 21 Сайна Дала
маьхза делла дика дIа ца тотту ас. ХIунда аьлча
*бакъвар* товрат-хьехамо кхочушдеш делахьара,
Дала леррина Къобалвинарг валар эрна хир дара!»

### Товрат-хьехам а, тешар а

3 Ва сонта галатахой! Хьан тилийна те шу? Аса
*хаза кхаъ* хьоьхучу хенахь *Дала леррина
Къобалвинарг* жIарах дIатохаран сурт ма-хIуттура
шун бIаьргашна дуьхьал! 2 Цхьа хIума хаа лаьа
суна шуьгара: *товрат-хьехамашна* тIера гIуллакхаш
кхочушдарна делла те шуна Делан Са, я хаза кхаъ а
хезна, шу цунах тешарна делла те Иза? 3 Оццул
сонта ду те шу, шаьш Делан Синца долийна дахар
адаман шен ницкъах тешна чекхдаккхал? 4 Аша
мел хьегна баланаш эрна хилла те? Со тешна ву и
дерриг а эрна хилла ца хиларх! 5 Шен Са а, шуна

‡† 1:18 Векалийн 9:26-30. † 2:1 Векалийн 11:30; 15:2. †† 2:6 Карлабаьkkхинарг 10:17.

‡ 2:16 а: Забур 142:2; Римхошка 3:20; б: Римхошка 3:22.

юкъахь дина Іаламаташ а, аша товрат-хьехамашна
тІера гІуллакхаш кхочушдарна луш ду шуна Дала,
Цуьнгара болу хаза кхаъ а хезна, шу цунах тешарна
а доцуш?!
6 † *Делан Йозанаш* тІехь ИбрахІимах лаьцна аьлла
ма ду: «Иза тийшира Делах, цундела Дала иза
Шена хьалха бакъвина лерира». 7 ††Иштта хаалаш,
билггала ИбрахІиман тІаьхьенах берш Делах
тешарш бу. 8 ‡Делан Йозанаша, хиндерг а дуьйцуш,
кхечу къаьмнийн халкъаш а церан тешарехула
Дала бакъдийриг хиларх лаьцна хаам бинера
ИбрахІиме: «Дуьнен чуьра массо а халкъаш а Дала
хьоьгахула декъалдийр ду», – аьлла. 9 Цундела
тешаш берш Делах тешаш хиллачу ИбрахІимца а
декъала хуьлу.
10 ‡†Ткъа товрат-хьехамашна тІера бакъахьара
гІуллакхаш кхочушдарца шаьш Далла хьалха
бакъхила луурш неІалтана кІел бу. ХІунда аьлча
яздина ду: «Товрат-хьехамашна тІехь яздина долу
дерриге а даим а кхочушдеш воцучу хІоранна а
тІехь неІалт ду», – аьлла. 11 ‡‡Ткъа товрат-
хьехамашна тІера гІуллакхаш кхочушдарца Далла
хьалха цхьа а бакъвийр воцийла вайна хууш ду,
хІунда аьлча: «Делан лаамехь верг Цунах тешарца
вехар ву». 12 ‡‡†Муса-пайхамаран товрат тІехь долчу
бакъахьарачу гІуллакххийн цхьа а уьйр яц тешарца,
цу тІехь аьлла ду: «Товрат-хьехамаш кхочушбийриг
цаьрца вехар ву».
13 ‡‡‡Мах а белла, Дала леррина Къобалвинчо
кІелхьардаьхна вай и товрат-хьехамаш кхочуш ца
барна хуьлучу неІалтах, и неІалт Шена тІе а
лаьцна. ХІунда аьлча Делан Йозанаш тІехь яздина
ду: «Диттах ирхъоьллинчу хІоранна а тІехь неІалт
ду», – аьлла. 14 И дерриг а кхочушхилла, Дала
ИбрахІиме лур ду аьлла долу декъалалла, Дала
леррина къобалвинчу Іийсагахула кхечу
къаьмнашна а далийтархьама а, вайн Шех тешар
бахьана долуш, вайна чІагІо еш, Ша лур ду аьлла
Делан Са вайна далархьама а.

## Товрат хьехам а, Дала дина весет а

15 Динан вежарий, йижарий, аса вайн дахарехь
долу цхьа масала далор ду шуна. Ур-атталла
адамаша шайна юкъахь чІагІбина болчу бартана
цхьаммо а йиш яц хІумма а цунна я тІетоха, я иза
бохо а. 16 §Ткъа Дала, чІагІо еш, элира Ша
ИбрахІимна а, цуьнан тІаьхьенах волчунна а лун
дерг. Дацара и аьлла: «тІаьхьенах болчарна»
бохург дукхханех лаьцна долуш санна, амма
цхьаннах лаьцна долуш санна аьллера, «хьан
тІаьхьенах волчунна» аьлла. Иза ву Дала леррина
Къобалвинарг. 17 §†Ас бохург хІара ду: диъ бІе ткъе
итт шо даьлча а, Дала беллачу товрат-хьехамаша
Дала Ша кхул хьалха бина болу барт бохо йиш яц.
Цундела Ша лур ду аьлла йина чІагІо дІа а ца
яьккхира Дала. 18 §††Нагахь Дала Ша лур ду аьлларг
товрат-хьехамаш кхочушбарна луш делахьара, иза
Ша чІагІо ярна луш хир дацара. Ткъа ИбрахІимна
Дала Ша лур ду аьлларг, Шен дикалле хьаьжжина,
чІагІо ярна делла.
19 ТІаккха стенна оьшу те товрат-хьехамаш? Уьш
тІетоьхна бара адамашна шаьш летош долу
къинош гайтархьама. Иза хир дара ИбрахІиман
тІаьхьенах верг ваийтталц. Ткъа цу тІаьхьенах
волчунна Дала чІагІо йинера, Ша декъалалла лур
ду аьлла. Товрат-хьехамаш адамашна юкъа
маликашкахула баийтина юкъарло лелошволчун
гІоьнца. 20 Ша цхьаъ волчунна юкъарло лелошверг
ца оьшу. Ткъа Дела цхьаъ ву!

## Товрат-хьехамийн Іалашо

21 ТІаккха товрат-хьехамаша Дала йинчу
чІагІонашна дуьхьало йой те? Йойла а дац! ХІунда
аьлча, нагахь адамашна деллачу товрато Дела
волчохь хедар доцу дахар луш делахьара, къинойх
бехказадовлар товрат-хьехамаш ма-бохху
кхочушбарца доьзна хир дара. 22 Амма Делан
Йозанаша боху массо адамаш къинойн олаллехь
ду. Делан Йозанийн Іалашо яра Дала чІагІо еш лур
ду аьлларг Іийсах тешачарна дала, церан тешар
бахьана долуш. 23 Ткъа и тешаран зама тІекхачале,
вай оцу товрат-хьехамийн олаллехь дара, Далла
хила лиъна долу и тешар довзийтталц. 24 Иштта
Дала леррина Къобалвинарг схьаваллалц, вайна
тІе хІоттийна волу тІехьожург санна, дара товрат,
тІаккха Цунах тешар бахьана долуш Далла хьалха
вай бакъдархьама. 25 Ткъа хІинца, и тешар деана
дІахІоьттинчу хенахь дуьйна, вай товрат-
хьехамийн олаллехь дац кхин.

## Леш а доцуш, кІентий ду вай

26 Дала леррина къобалвинчу Іийсах тешарца шу
массо а Делан кІентий ду. 27 ХІинца Дала леррина
Къобалвинчун дола а довлуш, шаьш хих
чекхдахийтина дела, Іийсан бедарш тІеюьйхича
санна, Цуьнан васт схьаэцна аша. 28 Бац шуна
юкъахь я жуьгтий а, я кхечу къомах долу адамаш а,
я лай а вац, я паргІатниг а вац, я божарий а, я
зударий а дац шу – шу массо а Дала леррина
Къобалвинчуьнца цхьаьна цхьаъ ду. 29 §‡Нагахь шу
Дала леррина Къобалвинчун делахь, тІаккха шу
ИбрахІиман тІаьхьенах ду. Цундела шуна а кхочур
ду, Дала, чІагІо еш, лур ду аьлларг.

## 4

Амма аса боху шуьга: тІаьхьенах дакъа кхочун
долу кІант пхийттара валале йолчу хенахь, ша
массо а хьолан да воллушехь, цхьана а хІуманна
тІехь лех къаста ца ло. 2 Цу берана тІехь олалла а
деш, цуьнан дола а деш, тІехьожуш хІоттийна ялхо
хуьлу, цуьнан дас билгалъяьккхина хан

† *3:6 Доладалар 15:6; Римхошка 4:3.* †† *3:7 Римхошка 4:16.* ‡ *3:8 Доладалар 12:3.* ‡† *3:10 Карлабаьккхинарг 27:26 (Грекийн).* ‡‡ *3:11 Хьабукъа 2:4.* ‡‡† *3:12 Іамалъяр 18:5.* ‡‡‡ *3:13 Карлабаьккхинарг 21:23.* § *3:16 Доладалар 12:7.* §† *3:17 Арадаккхар 12:40.* §†† *3:18 Римхошка 4:14.* §‡ *3:29 Римхошка 4:13.*

тIекхаччалц. 3 Иштта вай а дара, ваьш бераш долчу
хенахь, кху дуьненах долчу парзийн а, Iадатийн а
долахь. 4 Ша билгалъяьккхина зама тIекхаьчча,
Дала ваийтира зудчо дуьнен тIе ваьккхина волу
Шен КIант. Иза а вара товрат-хьехамийн долахь,
5 †цу хьехамийн долахь берш паргIат а баьхна, вайх
а Делан бераш дархьама.
6 Ткъа хIинца шу Делан бераш хилар гойтуш, Дала
Шен КIентан Са даийтина шун дегнаш чу, массо а
Iийсах тешаш болчеран санна. Цу Сино Деле
кхойкху: «Дада, Сан Да!» – бохуш. 7 Цундела хьо
хIинца, лай а воцуш, *Делан кIант* ву. Ткъа хьох,
кIант хилча, хьо Делехула Цуьнан тIаьхьенах а ву.

## ПахIал галатахой бахьанехь гIайгIане ву

8 ХIетахь, Дела шайна ца вевза дела, шу
баккъалла а деланаш боцучеран долахь дара.
9 Ткъа хIинца, шайна Дела вевзича, цул сов Далла
шу а девзича, юха а цхьа а ницкъ боцучу, ледарчу
парзашна а, Iадаташна а тIе а дирзина, юха а
церан леш хила лаьа те шуна? 10 Цхьацца денош а,
беттанаш а, заманаш а, шераш а лардо аша!
11 Кхоьру со, аса шуьца мел хьегна къа эрна
хиларна.
12 Хилийша, вежарий, со санна! ХIунда аьлча со а
ма хилира, шу санна. Аша хьалха-м цкъа а цхьа а
воьниг ма ца дира суна. 13 Шуна хаьа, со дуьххьара
шуна *хаза кхаъ* кхайкхош веана волуш, со сайн
дегIаца цамгар йолуш варий. Сох дог дала меттиг
яьлла йоллушехь, шу ца даьшна дIа ца дирзира
сох, амма аша со, Делан *малик* я Дала леррина
къобалвина Iийса волуш санна, тIеийцира. 15 Ткъа
хIинца стенга дахана шун хазахетар? Со тешна ву,
хIетахь, шайн йиш хиллехь, шайн бIаьргаш схьа а
даьхна, уьш суна дала а шу кийча хилла хиларх.
16 Ткъа хIинца, аса шуьга бакъдерг дийцича, сох
шун мостагIа хилла?
17 Суна хаьа и шаьш хаза кхаъ бахьа болчух◈
леларш шуна верасалла дан гIертий. Уьш шу
шайгахьа даха лууш бу. Амма цара шу дикане
далор дац. Царна, шу тхох дIа а къастийна, шун
озабезам шайгахьа хила лаьа. 18 Гуттар а
озабезамехь хилар дика ду, со шуьца волччу
хенахь бен хилла а ца Iаш. 19 Сан бераш! Бер
дуьненна чу долуш ненан хуьлу лазарш санна, сан
юха а хуьлу-кх и лазам шу бахьанехь. Иза иштта
хир а ду, Дала леррина Къобалвинчун вастехь шу
хиллалц. 20 Лаьар-кха суна, хIинца шу долччохь а
волуш, кхечу озаца шуьца дийца, хIунда аьлча со
инзар а вуьйлу шух, со кхеташ а вац-кх шух.

## Кхин сурт хIоттор: ХIажар а, Сарат а

21 Алийша соьга, товрат-хьехамийн долахь хила
лууш дерш, аша ла ца дугIу те цу тIехь долчуьнга?
22 ††Цу тIехь яздина ма-ду, ИбрахIиман ши кIант
хилла аьлла. Цхьаъ *гIарбаш* йолчу ХIажара винарг
ву, важа паргIат йолчу ИбрахIиман зудчо винарг
ву. 23 ГIарбаш йолчо винарг массо бераш ма-
хиллара вина ву. Ткъа ша паргIат йолчо винарг
Дала чIагIо еш аьллачуьнца вина ву. 24 Иза шен
кхин маьIна долуш дустар ду. И ши зуда Дала бина
ши барт санна хуьлу. Цхьаъ Синай олучу лам тIехь
бина барт бу. Цу бартаца леш беш хиларна, иза лай
вина йолу ХIажар санна хуьлу. 25 Ткъа Iаьрби-
махкахь болу Синай-лам «ХIажарца» боьзна бу. Иза
хIинца а лаьттахь йолуш йолу Ярушалайм санна
лору. ХIунда аьлча Ярушалайм а, Цуьнан бераш
санна лоруш болу бахархой а лоллехь бу. 26 Ткъа
вайн нана санна лоруш йолу стигалшкара
Ярушалайм паргIат ю. 27 ‡Яздина ма-ду:
«Хазахета хьайна, бер ца хуьлуш ерг,
цкъа а бер хилла а йоцург!
Хазахетарца йоккхае, бер хуьлуш лазарша ца
хьийзийнарг,
хIунда аьлча йитинчун бераш сов ду,
майра волуш йолчун чул».
28 Ткъа шу, динан вежарий, Исхьакх а санна,
Делан чIагIонца хилла бераш ду. 29 ‡†ХIетахь стеган
лаамца дуьнен чу ваьллачо Делан Са бахьана
долуш ваьлларг эккхош хилла. Иза хIинца а ду
иштта. 30 ‡‡Ткъа хIун боху Делан Йозанаша? «Эккхае
и гIарбаш а, цуьнан кIант а, хIунда аьлча гIарбашо
винчу кIанта паргIат йолчо винчу кIантаца
тIаьхьадисинарг доькъур дац». 31 Цундела, динан
вежарий, вай гIарбашан бераш а доцуш, паргIат
йолчун бераш ду.

## ПаргIато ларъяр

5 Дала леррина Къобалвинчо вай паргIатонехь
дахийтархьама елира вайна паргIато. Цундела
чIагIлой Iе шайн паргIатонехь, шаьш цхьаьнгге а
юха а лолла ца лацийта.
2 Аса, ПахIала, боху шуьга: нагахь аша шаьш
сунтдайтахь а, Дала леррина
Къобалвинчуьнгахьара цхьа а пайда хир бац шуна.
3 Аса кхин а цхьа тоьшалла до хIора ша сунтвойтуш
волчуьнга, цо товрат-хьехамаш тIера дерриге а
гIуллакхаш кхочушдан деза аьлла. 4 И хьехамаш
кхочушбарца Далла хьалха бакъдар ду моьттуш
долу шу, Дала леррина Къобалвинчух дIа а
къаьстина, Дала луш долчу диканах девлла. 5 Ткъа
тхо сатуьйсуш ду тхешан тешарехула Далла хьалха
тхаьш бакъдаре. Тхо цунах тешна а ду, Цуьнан
Сино тхайна чохь дийриг бахьана долуш. 6 ХIунда
аьлча Дала леррина къобалвинчу Iийсаца тхо
хIинца цхьаъ хиларна, цхьа а маьIна дац я
сунтваран а, я сунт ца варан а. Далла хьалха маьIна
долу хIума цхьаъ ду: безаман гIуллакхаш хуьлуьйту
тешар хилар.
7 Шу хаза догIуш дара. Ткъа хьан йира те шуна
бакъдолчунна тIаьхьахIитта новкъарло? 8 Шу

† *4:5-7 Римхошка 8:15-17.* †† *4:22 а: Доладалар 16:15; б: Доладалар 21:2.*

‡ *4:27 ЕшаI-ЯхIу 54:1.* ‡† *4:29 Доладалар 21:9.* ‡‡ *4:30 Доладалар 21:10.*

бакъдолчунна тIера дIадохуш болу кхетам шуьга
Шена тIекхойкхучу Делера бац. 9 †«КIеззигчу
муьстачу бедо берриг а бод совсабо». 10 Далла
хьалха со тешна ву аша шайн кхетам хуьйцург ца
хиларх, ткъа шун дегнаш чу шеко тосуш волчунна
кхел хир ю, милла а иза велахь а.
11 Ткъа, динан вежарий, нагахь аса хIинца а
сунтварах лаьцна кхайкхамаш беш белахьара, со
хьийзо тIаьхьабевр барий суна? Иза иштта
делахьара, сан жIарах лаьцна болчу хьехамаша
цхьанна а вас йийр яцара! 12 Шу гIалатдохуш берш,
шаьш сунтбина а ца Iаш, баьIна а хилахьара!

### Делан Синца дахар

13 Ткъа шу, динан вежарий, Дала паргIатоне
кхайкхина ду. Амма ма битийша меттиг и паргIато
зуламна хилийта, шайн хьарам лаамаш
кхочушбарца. Дейша гIуллакхаш вовшашка безам
болуш. 14 ††ХIунда аьлча товрат-хьехамийн
дуьззина долу маьIна хIокху дешнаш чохь ду:
«Хьайн уллораниг хьо санна веза». 15 Амма, нагахь
аша вовшашца къийсамаш а беш, шу вовшийн даа
дуьйлалахь, хьовсалаш, баккъалла а шаьш а
хIаллак ца хилийта!
16 Цундела боху ас шуьга, Делан Сино шаьш лела
ма-дарра лела, тIаккха шайн хьарам лаамаш
кхочушбийр бац аша. 17 ‡Вайн хьарам лаамашна
гуттара а лаьа Делан Синан лаамана дуьхьал дерг
дан. Уьш гуттара а вовшашна дуьхьал хуьлу, шуьга
шайна луург ца дайтархьама. 18 Ткъа Делан Сино
шу лелош делахь, шу товрат-хьехамийн долахь
дац.
19 Вайн хьарам лаамаш вайна бевзаш бу. Уьш бу:
нахаца лелар, боьха лаамаш хилар, къилахь долу
хIума дар, 20 *цIушна* корта беттар, бозбунчалла
леладар, мостагIалла хилар, девнаш дахар,
эмгаралла лелор, оьгIазъэхар, дагазаллаш хилар,
барт ца хилар, декъадалар, 21 цабезам хилар, малар
тIехдаккхар, лар тIера валар, иштта кхидолу а ца
оьшу хIуманаш дар. Цунах лаьцна, айса хьалха а
ма-аллара, хIинца а боху аса шуьга, и гIуллакхаш
деш берш Делан Олалле кхочур бац.
22 Ткъа Делан Сино кхуллуш дерг хIара ду: безам,
хазахетар, деган машар, доккха собар, вовшашца
безамехь хилар, дикалла, тешаме хилар, 23 эсала
хилар, чуьра ца валар. Ишттачу леларна дуьхьал
цхьана а бакъонаша а воних дойла дац. 24 Амма
шаьш Дала леррина къобалвинчу Iийсан болчара
шайн хьарам лаамаш, шайн боьхачу ойланашца,
жIарах дIатоьхна.
25 Вайн дахар Делан Синца хилча, тIаккха Делан
Сино ма-бохху лела вай. 26 Ца дер вай дозаллаш. Ца
хир вай вовшашна оьгIазъоьхуш а, вовшашка
хьагI йолуш а.

## 6

Динан вежарий! Нагахь шух цхьаъ ларамаза
къино лаьцнехь, аша, Делан Сино лелош
долчара, шайн эсалчу амалца нисве иштаниг,
амма, хьовсалаш, шаьш къиношка ца зейта. 2 Дала
леррина Къобалвинчо тIедиллинарг
кхочушдархьама, дахаран мохь базбелча,
вовшашна гIо де. 3 Нагахь цхьаннан, ша баккъалла
а волчул, ша-шех лакхара ойла елахь, цо ша-шен
Iехаво. 4 ХIораммо а дечу гIуллакхашца ша-шен зе,
тIаккха цуьнан дозалла дан а йиш хир ю, ша
кхечаьрца а ца вустуш. 5 ХIора адамна а Дала шен-
шен дахаран мохь белла. 6 Ткъа Делан дош
тIеоьцуш волчо шен долуш дерг кховдаде и дош
хьоьхуш волчуьнга.
7 Шу Iеха ма лолаш! Дела-м Iехалур вац, хIунда
аьлча адамо ша дIадийнарг хьоккхур а ду. 8 Шен
хьарам лаам кхочушбеш, къилахь долу хIу тосучо
хIаллакьхиларан ялта хьоккхур ду. Ткъа Делан
Синан лаам кхочушбеш хIу тосучо, Делан Сино луш
долчу, хедар доцучу дахаран ялта хьоккхур ду. 9 Дика
дан кIад ма лолаш. Нагахь вай дика дан мало ца
яхь, тIейогIур ю и хан, ваьш динчу гIуллакхийн
кхиамаш вайна карош. 10 Вайн дан таро йолччуьра,
дер вай вежаршна дика, къаьсттина вешан динан
вежаршна.

### ЖамI дар

11 Гой шуна мел даккхийчу элпашца яздо ас шуьга
сайн куьйгаца?! 12 Шу сунтдан тIетеIош берш шайх
тамаш байта лууш бу. Царна ца лаьа *Дала леррина
Къобалвинарг* жIарах дIатохар бахьана долуш
шаьш хьийзадайта. 13 Ткъа и сунтбинарш шаьш а
бац шайн дахарехь товрат-хьехамаш кхочушбеш
бехаш. Ткъа царна лаьа шу сунтдан, тIаккха и
бахьана долуш дозаллаш дархьама. 14 Суна-м ца
лаьа цхьана а хIуманна тIехь дозалла дан, вайн
Везачу Элан, Дала леррина къобалвинчу Iийсан,
жIарах дIатохаран тIехь бен! И жIара бахьана
долуш хIара дуьне суна дIадаьллера, ткъа со а кху
дуьненна дIаваьллера. 15 Я сунтвар а, я сунт ца вар
а хIумма а доцу хIума ду, хьох юхакхоьллинарг
хилар воцург! 16 И дешнаш кхочушдеш долчу
массарна а, Делан долчу Исраилан халкъана а
Делан къинхетам а, машар а хуьлийла.
17 ТIаьхьхьара а: цхьаммо а бала ма бойла суна,
хIунда аьлча Iийсан чевнаш аса сайн дегIаца
лелош ю.
18 Вайн Везачу Эло, Дала леррина къобалвинчу
Iийсас, дина маьхза долу дика хуьлийла шун
синошца, сан вежарий.
*Амин.*

† *5:9 1 Коринтхошка 5:6.* †† *5:14 Iамалъяр 19:18.* ‡ *5:17 Римхошка 7:15-23.*

# Эпасхошка

### Дешхьалхе

Делан Іалашонах лаьцна ду: «...стигалахь а, лаьтта тІехь а мел дерг цхьаьнатухур ду, Дала леррина Къобалвинарг коьртехь а волуш» (Эпасхошка 1:10). Иштта Делан долахь мел верг Дала леррина къобалвинчу Іийсаца цхьаъ хиларна, дуьнен чуьра массо а адамийн цхьаалла хила мега. Кехат тІехь яздархочо адамашка кхойкху, Делан Іалашонан иштта маьІне хьаьжжина, кху дуьнен тІехь леларе. хьалхарчу декъехь (1:3 – 3:21) цхьааллех лаьцна долу хІара хІума иштта дуьйцуш ду: Да волчу Дала Шен халкъ муха хаьржина хилла а, Цуьнан КІант волчу, Цо леррина къобалвинчу Іийсагахула уьш шайн къинойх муха паргІатбохуш бу а, Дала дина Шен Синца муха чІагІдеш ду а. Кехатан шолгІачу декъехь (4:1 – 6:20) яздархочо дешархошка кхайкхам бо, уьш муха лела беза дуьйцуш: цхьаьна а бехаш, Дала леррина Къобалвинчуьнца долу церан цхьаалла ма-дарра дика хила деза.
Тайп-тайпана кепаш ялайо яздархочо, Делан долахь болчеран Дала леррина Къобалвинчуьнца долу цхьаалла гайтархьама: массо а тешачийн тоба «дегІах» тера ю, шена тІехь Дала леррина Къобалвинарг «корта» санна а волуш, иза гІишлонах тера ю, цуьнан са болу тІулг Дала леррина Къобалвинарг а волуш. Иза зудчух тера ю, Дала леррина Къобалвинарг цуьнан майра а волуш. Ша леррина Къобалвинчуьнгахула Дала дина доккха дика дага а доуьйтуш, яздархочо кІорга маьІна долу дешнаш даладо. Массо а хІума Дала леррина Къобалвинчун безаман а, сагІин а, гечдаран а, дикаллин а, цІеналлин а серлонгахь гуш ду.

1 †Делан лаамца Дала леррина къобалвинчу
Іийсан векал волчу ПахІала яздо, Дала леррина
къобалвинчу Іийсана тешаме а болуш, Эпасехь
бехачу Делан нахе.
2 Вайн Да волчу Делера а, Веза Эла волчу Дала
леррина къобалвинчу Іийсагара а долу дика а,
синпаргІато а хуьлда шуна.

### Далла хастамаш бар

3 Декъала хуьлда вайн Веза Эла волчу, Дала
леррина къобалвинчу Іийсан Дела а, Да а. Цо
Іийсаца декъалдина вай стигалшкахь массо а
тайпана синан декъалдаршца. 4 Дуьне а кхоллале,
вай Іийсагахула къастийна дара Цо, Шена хьалха
вай цІена а, деза а хилийтархьама. Шена вай деза
дела, 5 хаьржина Дала, Ша леррина къобалвинчу
Іийсагахула вайх Шен бераш дархьама. Иштта яра
Цуьнан Іалашо, иштта бара Цуьнан лаам. 6 Цунна
везаш волчу Цуьнан КІантехула Цо вайна деллачу
сийлахьчу диканна вай хастамаш бойла Цунна.
7 ††Іийсас, Шен цІий Іанорца мах а белла, вай
паргІат а даьхна, вайн къиношна геч а дина. Ткъа
иза Дала вайна шортта деллачу дикане хьаьжжина
ду. 8 И дика тІех дукха делла вайна Дала мел
хуьлучу хьекъалаллица а, кхетамца а. 9 Шен
къайлаха йолу Іалашо йовзийтира вайна Дала,
ткъа и Іалашо хьалххе дуьйна билгалъяьккхина а
ю, Цо леррина Къобалвинчуьнца йоьзна а ю.
10 Ткъа Делан Іалашо иштта ю: хенаш кхочуш
хиллачу хенахь Цо стигалахь а, лаьтта тІехь а мел
дерг цхьаьнатухур ду, Ша леррина Къобалвинарг
коьртехь а волуш.
11 Ша леррина Къобалвинчуьнгахула Дала вай
Шен долахь хилийта хаьржира. Массо а хІума Шен
лаамца а, сацамца а кхочушдеш Волчо, Шен
Іалашоне хьаьжжина, билгалдаьккхинера иза
иштта. 12 Дала леррина къобалвинчу Іийсага
хьалха дуьйна сатуьйсуш долчу вайга Делан
сийлалла даздайта дина дара иза.
13 Шаьш кІелхьардовларх лаьцна болу билггал
бакъболу *хаза кхаъ* шайна хезча, шу а Дала
леррина Къобалвинчуьнца цхьаьнатуьйхира.
Цунах шу тешна дела, Дала шуна тІе Шен мухІар
туьйхира, Ша лур ду аьлла долу Шен Деза Са
даларца. 14 Шен долахь берш кхоччуш
паргІатбаххалц, Делан Са Дала вайна лур долчунна
закъалтана делла ду. Дала иза Шен сийлалла вайга
хастадайтархьама дина.

† *1:1 Векалийн 18:19-21; 19:1.* †† *1:7 Ковлусихошка 1:14.*

### ПахIалан доIа

[15] И дерриге а бахьана долуш, Веза Эла волчу
Iийсах шун долчу тешарх а, Делан долахь болчу
массаьрга а шун болчу безамах а лаьцна сайна
хезначхьана, [16] сайн доIанашкахь, шу дага а
лоьцуш, сацсаза шуна тIера Далла баркаллаш боху
аса. [17] Вайн Веза Эла волчу а, Ша леррина
къобалвинчу а Iийсан Дала, сийлаллин Дас, Шех
дерг кIоргге хаийта шуна хьекъалаллин а,
довзийтаран а Са лойла. [18] Шун дегнашна тIера
пардо дIадоккхийла Цо, шу тIекхайкхина долу
сатийсар а, Шен нахана лур ду аьлла долчун хьал
муха ду а, Шех тешаш долчу вайна чохь лела барам
боцу боккха ницкъ бохург хIун ду а шуна
хаийтархьама. И боккха ницкъ [20] †Ша леррина
Къобалвинчунна чохь лелийтира Дала. Иза,
веллачуьра ден а вина, стигалшкахь Шена аьтту
агIор охьахаийра Цо. [21] Цо Иза охьахаийна,
стигаларчу массо а хьаькамел а, куьйгалхойл а,
ницкъел а, олахойл а лакхара а вина, муьлхха а кху
заманчохь йоккхуш йолчу цIарал лакхара вина ца
Iаш, массо а хин йолчу заманашкахь йоккхур йолчу
цIарал лакхара а вина. [22] †† ‡Шадерг Цуьнан когашка
а диллина, Иза Дала динан ерриге а тобанна
веллера, массо а хIуманна тIехь коьртаниг
хилийта. [23] Iийсах тешачийн ерриге а тоба – Дала
леррина Къобалвинчун дегI ду. И тоба Цунах
кхоччуш юзуш ю. Ткъа Дала леррина Къобалвинчо
массо а хIума массанхьа а Шеца дузадо.

### Iожаллина тIера дахарна тIе

2 ‡†Ткъа шу хIетахь делла дара, шайн зуламаш а,
къинош а бахьана долуш. [2] Цхьана хенахь, и
къинош тIехь а долуш, кху дуьненан вочу
некъашна тIедевлла а, хIаваан ницкъийн элана
тIаьхьахIиттина а лелаш ма дара шу. Цу эло хIинца
а муьтIахь боцучу нехан дегнаш чохь болх бо.
[3] Цхьана хенахь вай массо а Iийра оцу нахана
юкъахь, вешан хьайна болчу лаамех а дуьзна.
Вешан догIмийн а, ойланийн а хьарам болу
лаамаш кхочушбора вай. Кхиболу нах санна, вайн
амалшка хьаьжжина, Делан оьгIазло тIеян дезаш
дерш дара вай.
[4] Амма инзаре боккха къинхетам болуш волчу
Дала, боккхачу безамца вай Шена дезарна,
[5] къинош а летийна, делла хилла долу вай, Ша
леррина Къобалвинчуьнца цхьаьна дендина.
Делан доккхачу диканца кIелхьардаьхна ду шу.
[6] Вай Цуьнца, ден а дина, стигалшкахь
охьаховшийна Дала, Ша леррина къобалвинчу
Iийсаца вай доьзна хиларехула. [7] Цо иза дина,
тIейогIун йолчу заманашна Шен диканан башха
долу хьал гайтархьама. Ткъа Шен доккха дика Ша
леррина къобалвинчу Iийсагахула вайга болчу
безамехь гойтуш ду. [8] Iийсах тешна дела, Делан
доккхачу диканца кIелхьардаьхна шу. Ткъа иза
шуьгара дац. Иза Делан совгIат ду. [9] Аша дика
гIуллакхаш дина хиларна делла дац иза, цундела
шух цхьаммо а дозалла ма де. [10] Вай Дала
кхоьллина тайпа ду. Ша леррина къобалвинчу
Iийсаца вай доьзна хиларна, Дала вай кхоьллина,
хьалххе дуьйна Ша вайна кечдина долу дика
гIуллакхаш вайга кхочушдайтархьама.

### Дала леррина къобалвинчу Iийсаца йолу цхьаалла

[11] Цундела дагахь латтаде: кхечу къаьмнех ‡‡
схьадевлла долу шу цхьана хенахь Делан нахана
юкъа ца догIура. Шух «сунтбаза нах» олура
«сунтбинарш» цIе йолчу наха, ткъа уьш сунтбар
адамийн куьйгашца дина ма дара. [12] Цу хенахь
Дала леррина Къобалвинчуьнца доьзна дацара шу.
Делан долахь долчу Исраилан халкъах
дIакъастийна дара шу. Делаца бинчу бертан а, цу
чу йогIучу чIагIонийн а декъахь а дацара шу.
КIелхьардовларе догдохийла дацара шун. Дуьнен
чохь шу Iеса адамаш дара.
[13] Шаьш Дала леррина къобалвинчу Iийсаца
доьзна хилар бахьана долуш, цхьана хенахь
генара хилла долу шу хIинца Цуьнан цIийца
гергара хилла. [14] Iийса вайна юкъахь Бартбийриг
ву, шина халкъах цхьаъ а дина. Боькъуш болу пен
санна долу мостагIалла вайна юкъара
дIадаьккхина Цо, [15] ‡‡†Шен дегI сагIина дIадаларца.
Цу тайпана, товрат тIехь долу тIедехкинарш а,
парзаш а кхочушдар эрна дира Цо, шина халкъах
Шеца доьзна долу цхьа керла халкъ кхоллархьама,
царна юкъахь барт а беш. [16] ‡‡‡ЖIарах дIатохар
бахьана долуш, цхьана дегIа чохь и ши халкъ
Делаца тайтира Иза, ткъа церан мостагIалла
дIадаьккхира Цо. [17] §Ван а веана, шуна, генарчарна
а, уллорачарна а, бартах болу *хаза кхаъ*
кхайкхийра Iийсас, [18] хIунда аьлча вайн шина а
халкъан цхьаъ долчу Делан Синца Iийсагахула
Дена тIекхочийла долу дела.
[19] И бохург ду, шу хIинца вовшашна хийра а дац,
тIедаьхкинарш а дац, ткъа Делан нехан махкахой а
ду, Делан доьзалхой а ду. [20] Векалийн а,
пайхамарийн а бух тIехь хьалахIиттийна ду шу.
Ткъа Дала леррина къобалвина волу Iийса Ша са
болу коьрта тIулг бу. [21] Иза бахьана долуш, и ерриге
а гIишло тайна цхьаьнатухуш ю, Везачу Элана
лерина долу Деза цIа цунах хьала а хIоттош. [22] Иза
бахьана долуш, шу а дIахIиттош ду, Дела Шен
Синехула Iаш волу меттиг хилийтархьама.

### ПахIала кхечу къаьмнех болчу нахана гIуллакх дар

3 Цундела кхечу къаьмнех болчу нехан дуьхьа
Дала леррина къобалвинчун тутмакх волчу
аса, ПахIала, доIа до. [2] Сан шеко яц, Дала Шен

† *1:20 Забур 109:1.* †† *1:22 Забур 8:6.* ‡ *1:22, 23 Ковлусихошка 1:18.* ‡† *2:1-5 Ковлусихошка 2:13.*

‡‡ *Кхечу къаьмнех *– жуьгтий боцуш, кхин къаьмнаш.**
‡‡† *2:15 Ковлусихошка 2:14.* ‡‡‡ *2:16 Ковлусихошка 1:20.* § *2:17 ЕшаI-ЯхIу 57:19.*

доккхачу диканца шун дуьхьа суна тIедиллинчу
гIуллакхах лаьцна шуна хезна хиларх. 3 И къайле
суна Делера болчу хаамца йовзийтинера, лакхахь
цунах лаьцна аса доцца яздина ма-хиллара.
4 †Цундела, дIаяздинарг шаьш доьшуш, шу кхета
мега, Дала леррина къобалвинчух йоьзна йолчу цу
къайленах сан кхетам муха бу. 5 Хьалхалерчу
адамийн тIаьхьенашна и къайле йовзийтина
яцара. Амма хIинца Дала базбинчу векалшна а,
пайхамаршна а Делан Синца иза йовзийтира.
6 Ткъа и къайле иштта ю: *хаза кхаъ* бахьана долуш,
жуьгташца цхьаьна кхечу къаьмнех долчу
адамашна а кхочур ду Дала лун дерг, уьш а бу
цхьаъ долчу дегIан декъехь, Ша леррина
къобалвинчу Iийсагахула Дала йинчу чIагIонийн
декъахой а бу уьш. 7 Дала суна дина дика бахьана
долуш, хазачу кхоан гIуллакхдархо хилла сох. И
Делан совгIат суна делла Цуьнан ницкъаца.
8 Суна, Делан долахь болчарна юкъахь уггар а
лахара волчунна, деллера Делан доккха совгIат:
кхечу къаьмнийн нахана Дала леррина
Къобалвинчун кIорггера довзийла доцучу хьолах
лаьцна болу хаза кхаъ дIакхайкхор а, 9 Дала и
къайле кхочуш муха йо адамашна довзийтар а.
Массо а хIума кхоьллина волчу Дала абаденера
дуьйна хьулйина яра и къайле. 10 И динера, динан
ерриге а тобанехула стигаларчу хьаькамашна а,
куьйгалхошна а массо а тайпанара долу Делан
хьекъалалла хIинца дIадовзийтархьама.
11 Абаденехь дуьйна билгалдаьккхина ма-хиллара,
вайн Веза Эла волчу, Ша леррина къобалвинчу
Iийсагахула иза кхочушдина Дала. 12 Iийсах
тешарехула майрра а, доьналла долуш а Далла
тIекхочийла ду вайн. 13 Иштта ас Деле доьху, шун
дуьхьа айса баланаш хьоьгуш хиларна, сан дог ца
эшор ††. И баланаш – шун сийлалла ду.

### Дала леррина къобалвинчу Iийсан безам

14 Цундела со сайн голашна тIе хIутту стигаларчу
Дена хьалха. 15 Цуьнгара стигалшкахь а, лаьтта
тIехь а болу массо а доьзалша шайн-шайн амал
схьаоьцу. 16 Ас доIа до, Шен сийлаллин хьоле а
хьаьжна, Дала Шен Синца шун чохь болу
синкхетам чIагIбар доьхуш. 17 Иштта доIа до ас, шу
Цунах теша а тешаш, *Дала леррина Къобалвинарг*
шун дегнаш чохь, цIахь санна, вахийтар доьхуш. Ас
доIа до, шун безаман орамаш хилар а, безам тIехь
шу чIагIделла хилар а доьхуш. 18 Дала
базбинчаьрца массаьрца а цхьаьна шу а кхетийла
мел шуьйра а, беха а, лекха а, кIорга а бу Дала
леррина Къобалвинчун безам. 19 Адамийн кхетамал
сов болу Дала леррина Къобалвинчун безам
бовзийла шуна, Делан йолчу амалх шу а кхоччуш
дузийтархьама.
20 Ткъа Цунна, вайна чохь болх беш болчу
ницкъаца вай мел доьхуш долчул а, я вайн дагахь
мел долчул а дуккха а алсам далуш Волчунна,
21 Цунна хастам бу динан ерриге а тобанера а, Дала
леррина къобалвинчу Iийсаца мел волчуьнгара а
массо а тIаьхьенашкахь а, абаденналц а! *Амин*.

### ДегIан цхьаалла

4 Варелаш, аса, Везачу Элан тутмакхо, дехар до
шуьга, шаьш тIекхайкхина долчу дахаре
хьаьжжина, оьзда лелалаш. 2 ‡Вовшашна муьтIахь
хиларца а, эсалчу амалца а, доккхачу собарца а
массо а хенахь лелалаш. Даггара болчу безамца
вовшашна садетталаш. 3 Делан Сино луш йолу
цхьаалла ларъян хьовсалаш, вовшашца уьйр
хуьлуьйту барт а болуш. 4 Массо а тешачийн цхьа
дегI а, цхьа Делан Са а ду, цхьана сатийсаме шу
тIекхайкхина ма-хиллара. 5 Цхьа Веза Эла а, цхьа
тешар а, цхьаъ долу хих чекхдахар а ду. 6 Массеран
цхьа Дела а, Да а ву. Иза массарна тIехь а ву,
массаьргахула болх беш а ву, массарна чохь волуш
а ву.
7 Ткъа вайх хIоранна Дала леррина
Къобалвинчунна дала лиъначу барамца Делан
доккха дика делла дара. 8 ‡†Цундела Делан
Йозанаша боху:
«Лакхенга хьала а ваьлла,
Ша йийсар биначарна хьалхахIоьттира Иза.
Адамашна Цо совгIаташ делира».
9 Ткъа «хьалаваьллера» бохург кхин хIун ду, цкъа
хьалха лаьтта тIе охьавеанера ‡‡ Иза бохург дацахь?
10 Охьавеанарг а, Шеца массо а хIума дузархьама,
массо а стигалел Лакхаваьлларг а Цхьаъ ву. 11 Цо
Ша дIахIиттийнера цхьаберш векалш бина,
шолгIанаш пайхамарш бина, вуьш *хаза кхаъ*
кхайкхорхой бина, кхинаш, Iуьно жа санна, *динан
тоба* Iалашйийраш а, динан хьехамчаш а бина.
12 Делан долахь берш кечбан дина дара иза, цаьрга
Далла гIуллакх дайта а, Дала леррина
Къобалвинчун дегI дIахIотто а. 13 Тешарехь а, *Делан
КIант* вовзарехь а вай массо а цхьаалла йолуш
хиллалц дина дара иза, Дала леррина
Къобалвинчун кхачамечу дарже хьаьжжина, вай
дуьззина хиллалц. 14 Цу хенахь, бераш санна, кхин
хир дац вай, хинкема санна а, кхин хир дац вай.
Жима хинкема тулгIенаша а, мохо а лелоре терра,
вай а ду харц хьехамаша атта Iехош. Оцу харц
хьехамаша тайп-тайпана мекарлонаш а йой, шайн
мел долчу хIилланца вай тиладолуьйту. 15 Амма
вай, билггал бакъдерг даггара болчу безамца а
дуьйцуш, массо а хIуманна тIехь динан коьрте
кхоччуш хьалакхуьур ду. И корта – *Дала леррина
Къобалвинарг* ву. 16 ‡‡†Цуьнан дегI хилла лаьтташ
йолу ерриге а динан тоба а Цунах хьалакхуьу.
Цуьнан олаллехь йолу массо а тайпана дегIан

† *3:4-6 Ковлусихошка 1:26, 27.* †† *Я иштта: *Иштта ас доьху шуьга, шун дуьхьа айса баланаш хьоьгуш хиларна, шун дог ца эшор.**

‡ *4:2 Ковлусихошка 3:12, 13.* ‡† *4:8 Забур 67:19.* ‡‡ *Лаьтта тIе охьавеанера *– я иштта: *лаьтта буха кхаьчнера.**
‡‡† *4:16 Ковлусихошка 2:19.*

меженаш хьорзамашца вовшах а тосу, цхьаьна а
латтайо. ХIора межено, шен-шен похIме
хьаьжжина, болх а беш, дерриг а дегI безамца
хьала а кхиадой, дIахIоттадо.

### Дала леррина Къобалвинчуьнца долу керла дахар

[17] Цундела, Везачу Элан цIарах боху ас шуьга:
варелаш, пайденна йоцу ойланаш а еш, хIинца чул
тIаьхьа кхечу къаьмнех болу нах санна ма Iелаш.
[18] Церан кхетам боданехь а бу, Делаца долчу
дахарна херабевлла а бу уьш, хIунда аьлча церан
хьекъал а дац, церан дегнаш хIуъа а бен ца хеташ
а ду. [19] Дерриг эхь а дайина, шайн догIмийн
боьхачу лаамашна тIаьхьа а бевлла, шаьш лелош
долу тайп-тайпана маьттаза хIуманаш ца Iебаш
кхочушдо цара.
[20] Амма Дала леррина Къобалвинарг иштта ца
вевзинера шуна. [21] Дала леррина Къобалвинчух
лаьцна шуна хезнера. Цуьнца доьзна шу хиларе
терра, Iийсах лаьцна долу билггал бакъдолчуьнца
догIуш ма-хиллара шу Iамийнера. [22] †Иштта,
хьалхалерчу ширачу адаман лелар дита. Стаг
Iехош болчу лаамаша талхош ду и шира адам.
[23] Шайн са а, хьекъал а карладаккхийта. [24] ††Билггал
нийса а долуш, цIена а долуш, Делах тера
кхоьллина долу керла адам а хилий, дIахIитта.
[25] ‡Вай вовшийн меженаш йолу дела, харцдерг дIа
а таттий, вовшашка бакъдерг дийца. [26] ‡‡Шаьш
дарделлачу хенахь къинош ма летаде. Малх дIа ма
бузийта, шаьш дарделлачохь а дуьсуш. [27] Ма йита
иблисана цхьа а меттиг. [28] ХIума лечкъош хиллачо
кхин ма лечкъае. Мелхо а, шен куьйгашца диканиг
а деш, къахьега деза цо. ТIаккха мискачунна
кховдо хIума а хир ю цуьнан. [29] Шайн багара цхьа а
оьзда доцу дош ма далийта. Ткъа олу дош диканиг
хилийта, оьшшучу хенахь кхиберш иракара а
хIиттош, ладугIуш болчарна тамехь а долуш.
[30] Делан Дезачу Синна хала ма хетийта. Дала шуна
тIе тоьхна мухIар ма ду Иза, паргIатдахаран денна
тIекхаччалц. [31] Шух доллучу массо а вонца цхьаьна
шайна тIера муьлхха а кхоьлина хилар а, доралла
а, оьгIазло а, мохь хьекхар а, воniг алар а
дIадаккха. [32] ‡‡‡Амма вовшашца дика а, къинхетаме
а хила. Дала шуна Ша леррина
Къобалвинчуьнгахула гечдаре терра, шу а
вовшашна къинтIера довла.

### Делах тера лела дезар

5 Иштта, Далла дезна долу бераш шу хиларна,
Делах тера хилалаш. [2] ‡‡‡Даггара болчу безамца
лелалаш, вай деза а делла, вайн дуьхьа Шен са
хаза хьожа йогIучу сагIина а, Далла тамехь долчу
гIурбанна а дIаделла волу *Дала леррина
Къобалвинарг* санна.

[3] Нахаца лелар а, боьха лаамаш а, бIаьрмециг
хилар а – и хIуманаш, шу Делан долахь долу дела,
ур-атталла цIе йоккхуш а ма хуьлийла шуна
юкъахь. [4] Иштта маьттаза къамелаш а, эрна
хабарш а, эргIада дийцар а ма хилийта. Мелхо а,
Далла баркалла алар гIоле ду шуна. [5] ХIунда аьлча
хIара хаалаш: цхьа а нахаца леларг, я боьха
лаамаш берг, я бIаьрмециг верг (иза цIушна Iамал
йийриг ву) Дала леррина Къобалвинчун а, Делан а
пачхьалкхехь хиндолчу абаде дахаран декъахь хир
вац.
[6] Эрна хабарш дуьйцучаьрга цхьаьнгге а шаьш ле
ма дайталаш, хIунда аьлча уьш бахьана долуш
тIейогIу муьтIахь ца хуьлучу нахана Делан
оьгIазло.

### Серлонгахь лела дезар

[7] Ма хилалаш иштачу адамашца бертахь.
[8] Цхьана хенахь шу бода санна дара, ткъа хIинца
шу, Везачу Элаца долу дела, серло ю. Цундела,
серлонан бераш санна, лелалаш. [9] ХIунда аьлча
дикалла а, бакъахьара лелар а, билггал бакъдерг а
серлоно кхиадо. [10] Везачу Элана тамехь дерг хIун ду
те бохуш, зуьйш хилалаш. [11] Стом ца лучу боданечу
гIуллакхашна юкъа ма гIерталаш, мелхо а, уьш
гучудахалаш. [12] ХIунда аьлча цара къайлаха лелош
дерш дийца а эхь долуш ду. [13] Ткъа нагахь и дерриг
а серлонга даккхахь, церан бакъйолу амалш
гучуевр ю. [14] Гучудолуш долу дерриге а серло хуьлу.
Цундела аьлла ма ду:
«ХьалагIатта, вижина Iуьллург,
беллачарна юкъара денло,
тIаккха Дала леррина Къобалвинчо хьо
серлавоккхур ву».

### Хьекъалца лела дезар

[15] Варелаш, леррина хьовсалаш шаьш муха лела.
Хьекъалалла доцурш санна а доцуш, хьекъалалла
долуш дерш санна хилалаш. [16] ‡‡‡Мел хуьлучу
таронах пайда эца, хIара зама мекара йолу дела.
[17] Цундела кхетам боцуш ма хилалаш. Везачу Элан
лаам муха бу хаа гIерталаш.
[18] Сийсаза лелар долуьйту чагIар тIех дукха ма
мийлалаш, амма Делан Синах дуьззина хилалаш.
[19] §Назманашна а, эшаршна а, динан иллешна а
тIера эцна долчу дешнашца вовшашка дистхила.
Везачу Элана лерина назманаш а ала, эшарш а
лекха, шайн дегнаш чохь Цунна хастамаш а беш.
[20] Даим а, массо а хIуманна а Да волчу Далла
баркаллаш баха, вайн Веза Эла волчу, Дала
леррина Къобалвинчу Iийсан цIарах. [21] Дала
леррина Къобалвинарг шаьш ларарна, вовшашна
муьтIахь хилалаш.

*† 4:22 Ковлусихошка 3:9. †† 4:24 а: Ковлусихошка 3:10; б: Доладалар 1:26. ‡ 4:25 Закри-ЯхIу 8:16. ‡† 4:26 Забур 4:5 (Грекийн). ‡‡ 4:32 Ковлусихошка 3:13. ‡‡† 5:2 Арадаккхар 29:18; Забур 39:7.*

*‡‡‡ 5:16 Ковлусихошка 4:5. § 5:19, 20 Ковлусихошка 3:16, 17.*

### Зударий а, майранаш а

22 †Зударий, шайн майранашна, Везачу Элана санна, муьтIахь хилалаш. 23 ХIунда аьлча майра зудчун корта бу, Дала леррина Къобалвинарг Шен дегI долчу динан ерриге а тобанан корта хиларе терра. И тоба КIелхьарйоккхург ма ву Иза. 24 Дала леррина Къобалвинчунна динан ерриге а тоба муьтIахь хиларе терра, иштта зударий а массо а хIуманна тIехь шайн майранашна муьтIахь хила беза.

25 ††Майранаш, шайн зударий безалаш, динан ерриге а тоба Дала леррина Къобалвинчунна езаре терра. Цуьнан дуьхьа Шен са а дIаделла Цо. 26 Цо иза дина, Делан дашехула динан ерриге а тоба, хи чохь цIан а йина, иза язъярхьама а, 27 динан ерриге а тоба цхьа а томмагIа, я цхьа а сакхт доцуш, я кхин тайпана долу хIума а доцуш, амма цIена а, бехказа а йолуш, Шена хьалха сийлаллехь дIахIотторхьама. 28 Иштта, майранаш, шайн догIмаш ма-деззара, шайн зударий безаш хилалаш. Шен зуда езачунна билггал ша-шена веза. 29 ХIунда аьлча цкъа а цхьа а хилла вац шен дегI ца дезаш. Мелхо а, шен дегI цо кхаба а кхобу, Iалаш а до, Дала леррина Къобалвинчо массо а тешаш болчеран тоба санна. 30 Вай Цуьнан дегIан меженаш ма ю. 31 ‡«Цундела стаг, шен дай-наний а дитина, шен зудчух кхетар ву. ТIаккха цу шиннах цхьа дегI хир ду», – Делан Йозанаша ма-бохху. 32 Цхьа доккха бакъдерг хьулдина ду цу дешнаш чохь. Аса боху, уьш Дала леррина Къобалвинчуьнца а, динан ерриге а тобанца а доьзна ду. 33 Амма и дешнаш шуьга а ду: шух хIоранна а шен зуда, ша-шена ма-веззара, езаш хила еза, ткъа зудчо шен майра лара веза.

### Бераш а, дай-наной а

6 ‡†Бераш, шу Везачу Элаца хиларна, шайн дай-наношна муьтIахь хилалаш, хIунда аьлча иза нийса ду. 2 ‡‡«Шайн да а, нана а лара» – чIагIо тIетоьхна йолчу весетех хьалхарниг ду иза: 3 «хьайна дика хилийтархьама а, хьо лаьтта тIехь дукха вахийтархьама а».

4 ‡‡†Ткъа аша, дай, шайн бераш оьгIаз ма эхийта. Мелхо а, хьалакхиабе уьш, Везачу Элан лаамехь а болуш, царна хьехамаш а беш, уьш Iама а беш.

### Леш а, олахой а

5 ‡‡‡Леш, адамаш долчу олахошна кхерамца а, ларамца а цIеначу дагца муьтIахь хила, Дала леррина Къобалвинчунна муьтIахь шаьш ма-хиллара. 6 Царна муьтIахь хила, мотт хьоькхучу адамаша санна, моттаргIанаш а ца еш, ткъа Дала леррина Къобалвинчун леша санна, даггара Делан лаам кхочуш а беш. 7 Хазахетарца, Везачу Элана деш санна, гIуллакх делаш, адамашна деш санна а доцуш. 8 Лай я маьршаниг велахь а, нагахь цо диканиг дахь, цунна изза Везачу Элера юхакхочур дуйла хууш, делаш шаьш дийриг.

9 §Шу а, олахой, шайн лешца иштта лелалаш. Царна кхерамаш ма тийсалаш. Хаалаш, царна тIехь а, шайна тIехь а цхьа Олахо вуйла стигалшкахь, ткъа Цо цхьанна а озабезам ца бо.

### Делан герз

10 Ткъа тIаьххьара а бохург хIара ду: чIагIло Везачу Элаца а, Цуьнан боккхачу ницкъаца а. 11 Иблисо деш долчу вонашна дуьхьалхIитта шайн ницкъ хилийтархьама, Делан дерриге а герзаца кечлой хила. 12 ХIунда аьлча вай адаман дилхана а, цIийна а дуьхьал беш бац тIом, амма стигалшкахь болчу хьаькамашна а, олалла дечарна а, кху боданечу дуьненан куьйгалхошна а, харцжинашна а дуьхьал беш бу. 13 Цундела Делан дерриге а герз схьаэца, вон тIедеанчу дийнахь дуьхьало ян шайн таро хилийтархьама а, массо а хIума кхочушдича, кхидIа а латтархьама а.

14 §†Цундела иштта дIахIитталаш: шайн гIодаюкъ билггал бакъдолчуьнца дIа а ехкий, нийсонан гIагI шайна тIе а духий, 15 §††машарах лаьцна болу *хаза кхаъ* кхайкхо кийча хиларан мачаш шайн кога а юхий. 16 Цу массо а хIуманна тIе тешаран *турс* схьаэца – цIе яьлла догуш долу иблисан пхерчий дIадайа таро хир ю шун. 17 §‡КIелхьардовларан *гIем* а схьаэца. Делан Синан тур а схьаэца – иза Делан дош ду. 18 Муьлххачу а хенахь Делан Синан гIоьнца доIанаш делаш, массо а тайпана доIа а, дехар а деш. Иза иштта дархьама, сема а хилалаш, цхьана а тайпана юха ца довлуш, Делан долахь болчарна массарна а тIера кхидIа доIанаш а делаш. 19 Суна а дехалаш Деле, аса сайн бага мел йоьллучу хенахь хазачу кхоан къайле майрра йовзийта дешнаш суна далар доьхуш. 20 Цу хазачу кхоан дуьхьа набахтехь волу Iийсан *векал* ву со. Деле дехалаш, айса дийца ма-деззара, хаза кхаъ соьга майрра дIакхайкхабайта алий.

### Маршаллаш

21 §‡† §†Ткъа сох лаьцна а, сан гIуллакхех лаьцна а – шадерг а вайн хьомечу вашас, Везачу Элана леринчу къахьегарехь тешамечу гIуллакхдархочо ТихIака дIадуьйцур ду шуна. 22 Шу долчу, тхан гIуллакхех лаьцна шуна дIахаийта а, шун дегнаш тедархьама а, аса леррина вохуьйтуш ву иза.

23 СинпаргIато а, тешарца болу даггара безам а хуьлийла динан вежаршна Да волчу Делера а, Веза

† *5:22 Ковлусихошка 3:18; 1 Кипин 3:1.* †† *5:25 Ковлусихошка 3:19; 1 Кипин 3:7.* ‡ *5:31 Доладалар 2:24.* ‡† *6:1 Ковлусихошка 3:20.* ‡‡ *6:2, 3 Арадаккхар 20:12; Карлабаьккхинарг 5:16.* ‡‡† *6:4 Ковлусихошка 3:21.* ‡‡‡ *6:5-8 Ковлусихошка 3:22-25.*

§ *6:9 а: Ковлусихошка 4:1; б: Карлабаьккхинарг 10:17; Ковлусихошка 3:25.* §† *6:14 а: ЕшаI-ЯхIу 11:5; б: ЕшаI-ЯхIу 59:17.* §†† *6:15 ЕшаI-ЯхIу 52:7.* §‡ *6:17 ЕшаI-ЯхIу 59:17.* §‡† *6:21 Векалийн 20:4; 2 Тимапига 4:12.* §† *6:21, 22 Ковлусихошка 4:7, 8.*

Эла волчу, Дала леррина къобалвинчу Іийсагара а.
24 Делан дика хуьлийла хедар боцучу безамца вайн
Веза Эла волчу, Дала леррина къобалвина Іийса
везачаьрца массаьрца а.

# Пилапхошка

### Дешхьалхе

Европин мехкашкахь ПахIала дуьххьара дIахIоттийначу динан тобане яздина дара. Римхойн пачхьалкхана чубогIучу Македон-мехкан коьртачу гIалахь яра и тоба. И кехат векало ПахIала ша набахти чувоьллинчу хенахь яздира. Цу хенахь иза гIайгIанехь вара, Iийсан цхьаболчу динан белхалоша шена йо дуьхьало бахьана долуш а, Пилап-гIалахь йолчу динан тобанехь бо харц хьехамаш бахьана долуш а. Мелхо а, хIокху кехатан чулацам доьналла долуш а, самукъане а ду. Цунах хаьа, Дала леррина къобалвинчу Iийсах долу ПахIалан тешар кIорггера хилар.
Кехат яздаран коьрта Iалашо ПахIална гIо оьшучу хенахь пилапхоша шена даийтина долчу совгIатна баркалла алар яра. Оццу хенахь ПахIала церан дегнаш иракарахIиттадо, уьш доьналла долуш а, Iийсах тешна а хилийтархьама, иза ша а, уьш а халонашкахь белахь а. Цо чIогIа доьху цаьрга, дегаллин а, дозаллин а метта, ойланашкахь а, леларехь а Iийса санна таьIна хилахьара бохуш. Цо царна дагадоуьйту, Дала леррина Къобалвинчуьнца доьзна долу церан дахар Дала маьхза дина дика дуйла а, ткъа и дахар цара, товрат-хьехамаш кхочушбарца а доцуш, амма Iийсах тешарца а бен тIе ца эцнийла а. Иштта цо дуьйцу Дала Шеца уьйр йолуш Iаш болчу массарна а лучу синпаргIатонах лаьцна.
Цу кехат тIехь ПахIала чIагIдо иштта хIуманаш: даккхийдер, тешна Iаш хилар, цхьаалла, динехь а, леларехь а чIагIделла Iаш хила дезар. Цул сов, кехато гойту, Пилап-гIалахь йолу динан тоба ПахIална чIогIа дукхаезаш хилар.

1 [†]Дала леррина къобалвинчу Iийсан ялхоша,
ПахIала а, Тимапис а, яздо Пилап-гIалахь Iаш
болчу а, Дала леррина Къобалвинчуьнца боьзна
болчу а Делан долахь болчаьрга массаьрга –
шайца цхьаьна динан тобанан гIайгIабийраш а,
динан куьйгалхойн гIоьнчаш а болчаьрга. 2 Делан
доккха дика а, синпаргIато а хуьлда шуна вайн Да
волчу Делера а, Веза Эла волчу, Дала леррина
къобалвинчу Iийсагара а.

### ПахIала пилапхошна тIера дина доIа

3 Шу дага мосазза догIу, аса хастамаш бо сайн
Деле. 4 Шуна массарна тIера айса мел до доIа даим
хазахетарца до аса, 5 шайна хезначу дуьххьарлерчу
дийнахь дуьйна кху дийне кхаччалц, *хаза кхаъ*
дIасабаржор тIехь аша дакъалоцу дела. 6 Со теша,
шуна чохь и дика гIуллакх дан Долийначо, Дала
леррина къобалвина Iийса вогIун волу де
тIекхаччалц, иза кхочушдийр дуйла. 7 Шу сан даг
чохь долу дела, шух массарах иштта ойла яр нийса
ду. Дала суна делла долчу дикачу гIуллакхехь аша
массара а дакъа ма лоцу – со набахтехь волчу
хенахь а, аса хаза кхаъ ларбечу а, чIагIбечу а
хенахь а. 8 Дела сан Теш ву, Дала леррина
къобалвинчу Iийсан безамца шуьца массаьрца а
цхьаьна хила лууш со хьаьгна хиларан.
9 Аса доьху Деле шун даггара болу безам хIума
довзарца а, кхетамалла хиларца а кхин а
алсамбаккхар, 10 шайна гIоле дерг хIун ду шу
кхетийтархьама. *Дала леррина Къобалвинарг*
вогIучу дийнахь шу цIена а, цхьана а тайпана сакхт
доцуш а хилийтар а, 11 Дала леррина къобалвинчу
Iийсагахула Далла хьалха бакъдина хилар бахьана
долуш, дикачу гIуллакхех шу дуьззина хилийтар а
доьху ас Делан сийлаллина а, хастамана а.

### Дала леррина Къобалвинарг – вайн дахар ду

12 Динан вежарий, шуна дIахаийта лаьа суна, аса
хьоьгу халонаш бахьана долуш, хаза кхаъ
дIакхайкхорна тIехь кхин а сов аьтто баьлла хилар.
13 [††]Дала леррина Къобалвинчунна со
тIаьхьахIоттар бахьана долуш, со набахти чохь
хилар пачхахьан цIенна ха деш болчу массарна а,
дукха а болчу кхечарна а дIахиъянера. 14 ХIинца со
набахтехь хилар бахьана долуш, дукхахболчу
динан вежарийн Везачу Элаца доьналла хилар
чIагIделла. Хьалха хиллачул а йоккхачу
майраллица, кхерам а боцуш, Делан дош кхайкхо
буьйлабелла уьш.

† *1:1 Векалийн 16:12.*

†† *1:13 Векалийн 28:30.*

15 Бакъду, цхьаболчара хьагI а, эмгаралла а
хиларца, ткъа вукхара дагахь диканиг долуш
дуьйцу Дала леррина Къобалвинчух лаьцна.
16 Цхьаберш, со хаза кхаъ ларбан дIахIоттийна
вуйла а хууш, даггарчу безамца лела. 17 Ткъа вуьш,
шайна пайда лоьхуш а, шайн дог цIена цахиларца
а, суна кхин а халонаш ян дагахь а лела, шаьш
Дала леррина Къобалвинчух лаьцна дуьйцуш.
18 Ткъа иза коьртаниг ду те? МоттаргIанаш
лелаяхь а, я даггара иза деш делахь а, иза мухха
делахь а, Дала леррина Къобалвинарг кхайкхаво-
кх цара. Иза иштта хилча а, со воккхавеш ву! Кхин
а воккха а вийр ву. 19 ХIунда аьлча суна хаьа, и
дерриг а шун доIанашца а, Дала леррина
къобалвинчу Iийсан Синан гIоьнца а со
паргIатвалийта суна диканна дуйла. 20 Сайн
кIорггера болчу лааме а, сатийсаре а хьаьжжина,
со цхьана а хIуманна тIехь юьхьIаьржачу хIуттур
вац, амма сайн мел йолчу майраллица вистхуьлуш
лелар ву Дала леррина Къобалвинарг, гуттара а
санна, хIинца а соьгахула лакхавалийтархьама – со
вехар велахь а, я лийр велахь а. 21 ХIунда аьлча
Дала леррина Къобалвинарг – сан дахар ду, ткъа
Iожалла – суна пайда хилар ду. 22 Нагахь сан дахар
кхидIа а кху дуьненахь дахлахь, сан къахьегаро
беркате стом лур бу. Иштта суна-м ца хаьа, айса
муьлханиг харжа деза. 23 Шинна а агIор Iожалло а,
дахаро а, къуьйлуш ву со. Аса сатуьйсу, вала а
велла, Дала леррина Къобалвинчуьнца со хиларе,
хIунда аьлча иза дуккха а гIолехь хир дара. 24 Ткъа
со кху дуьненахь вехаш Iар шуна пайдехь ду. 25 Оцу
тIехь сан шеко а яц, суна иза хаа а хаьа: со вуьсур а
ву, шуьца вехар а ву, тешарехь кхиамаш а,
даккхийдер а шун хилийтархьама. 26 ТIаккха со шу
долчу юхавеача, сох дозалла дан бахьана совдер ду
шун, Дала леррина къобалвинчу Iийсаца шу
доьзна а долуш.
27 Иза иштта хилча, суна, шу долчу а веана, шу
гича, я кхечанхьа а волуш, шух лаьцна иштта хезар
ду: уьш цхьаалла а йолуш, берриш а цхьаъ санна,
хазачу кхоаца цхьаьнадогIучу тешарна къахьоьгуш
бу. 28 Цхьана а хIуманна тIехь мостагIех ма кхера:
иза уьш хIаллакьхиларан билгало ю царна, ткъа
шуна – кIелхьардовларан билгало ю. Ткъа и
кIелхьардовлар Делера хир ду. 29 ХIунда аьлча Дала
леррина Къобалвинчун дуьхьа Цунах тешна а ца
Iаш, Цуьнан дуьхьа баланаш хьега дезар а делла
шуна. 30 †Шу а, со а хаза кхаъ ларбархьама
цхьатерра дикачу тIамехь ду. Шуна ма-гарра,
хьалха а ас беш изза тIом бара. Ткъа хIинца, шуна
ма-хаззара, со кхидIа а оццу тIамехь лаьтташ ву.

## Дала леррина Къобалвинарг лахвар а, вазвар а

2 Дала леррина Къобалвинчуьнца хилар
бахьана долуш иракарахIуьттур дуй те шу?
Цунна шу дезарх синтем хир буй те шуна? Цуьнан
Синца мелла а тIекаре дуй те шу? Вовшийн
догъэцар а, вовшех къахетар а дуй те шун?
2 Делахь хилийтийша сан воккхавер дуьззина,
цхьатерра ойланаш а йолуш, цхьа безам а болуш,
цхьа барт а болуш, цхьа Iалашо а йолуш. 3 Цхьа а
хIума шена пайда леха а, дозалла дан а ца деш,
хIораммо а, ша-ша эсала а хуьлуш, вовшийн
лакхара ларалаш. 4 ХIораммо а, шен-шен бен
гIайгIа йина ца Iаш, кхечун а гIайгIа е. 5 Шайн
дегнаш чохь Дала леррина къобалвина Iийса санна
хилалаш.
6 Делан вастехь Ша велахь а,
Цунна ца хетара,
Ша Делах тера хиларх
Ша пайда эца беза аьлла.
7 Мелхо а, Шен возалла дIа а тесна,
лен васт тIе а эцна,
адамах тар а велла,
тIехьаьжна а адам хилла Иза.
8 Iожаллина тIекхаччалц
Далла муьтIахь а хилла,
Ша лахара вира Цо.
*ЖIара* тIехь Ша валлалц,
муьтIахь висира Иза.
9 Цундела Дала Иза вазвира,
уггар а лакхарчу даржехь Иза дIа а хIоттийна,
10 ††стигалшкахь а, лаьттахь а, эхартахь а берш
Iийсан цIе лоруш, гора а хIиттина, суждане
бахийтархьама а,
11 Да волчу Делан сийлаллина
Цо леррина къобалвина Iийса
Веза Эла хиларх лаьцна
хIора адаман матте тоьшалла дайтархьама а.

## Серлонаш санна, дуьнен чохь лепар

12 Иштта, сан хьоменаш, гуттара а со юххехь
волуш шаьш муьтIахь ма-хиллара, со юххехь
воцуш а чIогIачу кхерарца а, дегIе зуз дарца а
кхидIа къахьегалаш, шайн *кIелхьардовлар*
кхочушхилийтархьама. 13 ХIунда аьлча Шен дикачу
Iалашонца шуна чохь лаамаш хилар а, гIуллакхаш
дар а Хуьлуьйтург Дела ву.
14 Дерриг а шаьш дийриг, яппарш а ца еш, къийса
а ца луш, делаш, 15 ‡Далла хьалха бехк буьллийла
доцуш, цIена шаьш хилийтархьама. Аьрхачу а,
телхинчу а тайпанна юкъахь шайца цхьа а воних
доцуш, Делан бераш санна дахалаш. Царна юкъахь
стигалан серлонаш санна лела деза шу, 16 дахар
луш болу кхаъ царна дIа а кховдош, *Дала леррина
Къобалвинарг* вогIучу дийнахь шух дозалла дан
сан йиш хилийтархьама, хIунда аьлча тIаккха гур
ду сан къовсадалар а, къахьегар а эрна ца хилар.
17 Со вен там бу. Ткъа сан валар чагIаран сагIанах
тардала мега. Нагахь иза шун тешамечу
гIуллакхдаран сагIина тIе Iанахь а, со воккхавеш ву
– шуьца массаьрца а воккхавийр ву со. 18 Оцу
хIуманна а соьца цхьаьна даккхийде шу а.

† 1:30 Векалийн 16:19-40.

†† 2:10, 11 ЕшaI-ЯхIу 45:23 (Грекийн). ‡ 2:15 Карлабаькkхинарг 32:5.

### Тимапин а, Эпар-Падатин а тешаме хилар

[19] Веза Эла волчу Іийсаца воьзна хиларна,
дегайовхо ю сан шу долчу кестта Тимапи ваийта,
шуьгара хьал-де а хиъна, сайн дог
иракарахІотторхьама. [20] Цуьнга кхочуш а, цо санна
доггах шун гІайгІа бийр болуш а сан цхьа а вац.
[21] Массара а, Дала леррина къобалвинчу Іийсана
луург а ца лоьхуш, шайна пайдехьа дерг лоьху.
[22] Ткъа Тимапи, зийначул тІаьхьа, иза тешаме
хилар шуна хууш ду. КІанта шен деца ма-дарра, цо
соьца гІуллакх дина хазачу кхоан дуьхьа. [23] Сайх
хиндерг ма-къаьсттина, иза шу долчу дІахьажо
дагахь ву со. [24] Везачу Элах тешам бу сан: со а
кестта шу долчу дІавогІур ву.
[25] Сан динан ваша Эпар-Падати шу долчу
дІавахийтар нийса хета суна. Хазачу кхоан дуьхьа
соьца цхьаьна къа а хьоьгуш, дика тІемало санна
вара иза. Аша иза сан халонашкахь соьца гІуллакх
дан ваийтина ма вара. [26] Шен цамгарх лаьцна шуна
хезна дела, шу массо а ган лууш, воьхна хьийзаш
вара иза. [27] Иза дІакхалха там болуш вара. Дала
къинхетам бира цунах. Ткъа цунах бина а ца Іаш,
сох а бина къинхетам, сан сингаттамашна тІе и
сингаттам тІе ца кхоьтуьйтуш. [28] Цундела суна кхин
а чІогІа лаьа иза шу долчу дІахьажо: иза юха а ган
а гина, шуна хазахетар хилийта а, сайн
сингаттамаш лахбалийта а. [29] Везачу Элаца шаьш
хиларна даггара долчу хазахетарца тІеэцалаш иза,
и санначеран сий а делаш. [30] ХІунда аьлча Дала
леррина Къобалвинчун гІуллакх бахьанехь вала
гергга вара иза. Шу суна гІуллакх дан йиш йоцуш
хиларна, цо, шен дахар а ца кхоош, шун метта, суна
гІо дора.

### Далла хьалха бакъвар

3 Ткъа хІинца, сан динан вежарий, даккхийде
шаьш Везачу Элаца долуш. Хьалха яздинарг
шуьга кхин а цкъа яздан суна хала дац, ткъа шуна
иза закъалтана хир ду. [2] Ларлолаш зуламаш
дечарах! Уьш жІаьлех тера бу, цара шайн бехке
меттиг хадорца шаьш сакхт до! [3] ХІунда аьлча вай
билггал сунтдинарш ду. Вай Делан Синехула Далла
гІуллакх деш а ду, Дала леррина къобалвинчу
Іийсаца доьзна хиларх дозалла деш а ду, адамийн
дилханах тешна Іаш а дац. [4] Сан а ма яра, сайн
дилханах а тешна, Іен йиш. Нагахь санна кхин цхьа
стаг, шен адаман дилханах а тешна, Іен дагахь
велахь, сан цуьнан йолчул а сов бакъо хилар
билггал бакъду. [5] †ХІунда аьлча дуьнен чу ваьллачу
борхІалгІачу дийнахь со сунтвина а ву, Исраилан
халкъах схьаваьлла а ву, Бен-Яманан тайпанах а ву,
Іебархойх схьаваьлла Іебархо а ву. Товрат-
хьехамаш кхочушбеш парушхо а вара со.
[6] ††Сайгахь болчу ницкъе хьаьжжина, Іийсах
тешначийн тобанна дуьхьалваьллера. Товрат-
хьехамаш кхочушбаро луш долчу *бакъвар* э
хьаьжжина, ала цхьа а хІума доцуш вара со.
[7] Делахь а суна пайденна ду аьлла хеттарг Дала
леррина Къобалвинчун дуьхьа эрна хилла лору
аса. [8] Цул сов, кхидолу массо а хІума эрна хета суна,
хІунда аьлча дерригенал а деза ду сан Веза Эла
волу, Дала леррина къобалвина Іийса вовзар.
Цуьнан дуьхьа со массо а хІуманах ваьлла. Кхидолу
массо а хІума кхелли хета суна, Дала леррина
Къобалвинчуьнца уьйр йолуш со хилийтархьама а,
[9] Цуьнца цхьаьна хилархьама а. Ас-айса, товрат-
хьехамаш кхочушбарца а доцуш, ткъа Дала
леррина Къобалвинчух тешарца Далла хьалха
бакъвина ву со. Иштта Дала Ша со бакъвира,
Іийсах тешарна. [10] *Дала леррина Къобалвинарг*
кІоргге вовза лаьа суна, Иза веллачуьра денвеш
хилла болу ницкъ а бевзаш, Цуьнан баланашкахь
дакъа а лоцуш. Цуьнан Іожаллехь Цунах тар а луш,
Иза вовза а лаьа суна, [11] Иза санна, веллачуьра
денваларе са а туьйсу аса.

### Дала со тІекхайкхинчу Іалашоне кхача гІертар

[12] Аса ца боху, оцу массо а хІумане со кхаьчна
ваьлла, я со кхачам боллуш кхиъна. Мелхо а, Дала
леррина къобалвинчу Іийсас со дола ваькккхинчу
Іалашоне кхача гІерташ ву со. [13] Динан вежарий!
Оцу Іалашоне со кхаьчна ваьлла аьлла ца хета
суна. Делахь а цхьа хІума кхочушдо ас: сайна
тІехьа дерг диц а деш, хьалха долчунна тІекхача
гІерташ ву со. [14] Иштта, сан Іалашо ю, къовсамехь
санна, Ша леррина къобалвинчу Іийсагахула со
стигала тІекхайкхинчу Дала суна лун долчу
совгІатна хьалха тІекхача.
[15] Іийсах тешаре хьаьжжина, вайна юкъара
хьалакхиъанарш массо а иштта ойланаш йолуш
хила беза. Нагахь санна цхьадолчунна тІехь шун
кхин тайпана ойланаш елахь а, иза а Дала шуна
дІадоьллур ду. [16] Вуьшта, хІинца ваьшна девзина
долчуьнца кхидІа а даха деза вай.
[17] ‡Динан вежарий! Кхиберш санна, сох масал
оьцуш хилийша. Оха шуна гайтинчу масалца
бехачаьрга хьовсалаш. [18] ХІунда аьлча дукхахберш
Дала леррина Къобалвинчун жІаран мостагІий
санна лелаш бу. Аса сих-сиха дуьйцура шуьга царах
лаьцна, ткъа хІинца-м, бІаьрхиш а Іенош, дуьйцу
аса. [19] Церан кхоллам – хІаллакьхилар ду. Церан
дела – гайна там бар ду. Эхьечу гІуллакхех дозалла
до цара. Цара, кху дуьненан хІуманийн бен, ойла
ца йо. [20] Ткъа вай стигалан дахархой ду. Вай
*КІелхьардохург*, Веза Эла волу, Дала леррина
къобалвина Іийса, оцу стигалшкара схьаваре
хьоьжуш а ду вай. [21] Вайн сий доцу догІмаш
хуьйцур ду Цо, Шен сийлахьчу дегІах а тардина. И
дийр ду Цо массо а хІума а Шен карадерзо йиш
йолчу Шен ницкъаца.

† *3:5 а: Римхошка 11:1; б: Векалийн 23:6; 26:5.* †† *3:6 Векалийн 8:3; 22:4; 26:9-11.*

‡ *3:17 1 Коринтхошка 4:16; 11:1.*

4 Аса доггах сатуьйсу, сан хьоме вежарий! Шу ду
сан ирс а, сан толаман *таж* а. Иштта,
хьоменаш, аса хIинцца ма-дийццара, чIогIа
латталаш Везачу Элаца доьзна долчу шайн
дахарехь.

### Шайна Iеминарг кхочушделаш!

2 Аса доьху хьоьга, Авуди, иштта хьоьга а доьху
ас, Синтахи, вовшашца бертахь хилийша. Шуьшиъ
цхьатерра Везачу Элан долахь ма ву! 3 Иштта
хьоьга а, сан тешаме волу СезагI †, гIо дар доьху аса
оцу зударшна. *Хаза кхаъ* баржош, аса бинчу балха
тIехь Кала-Ментица а, кхиболчу сан накъосташца а
дакъалаьцнера цара. Церан цIераш дахаран тептар
тIе дIаязйина ю.
4 Везачу Элаца а долуш, даим а даккхийде. Юха а
боху аса: даккхийде!
5 Массо а адамашна йовзийла шун эсалалла. Веза
Эла гергга ву. 6 Цхьана а хIуманан гIайгIа ма е,
амма мел дечу доIанашкахь а, дехаршкахь а,
баркалла а кхайкхош, шайна оьшург Деле
дIахаийта. 7 ТIаккха, шун муьлххачу а кхетамал
лакхара а йолуш, Делера схьайогIучу
синпаргIатоно шун дегнаш а, шун хьекъалш а
лардийр ду, шу Дала леррина къобалвинчу Iийсаца
доьзна долу дела.
8 Ткъа хIинца, динан вежарий, дика мел дерг а,
хастаме дерг а дагахь латтаде. Билггал бакъдолчух,
оьзда долчух, нийса долчух, цIена долчух, тамехь
долчух, дозалла дан хьакъ долчух ойланаш е.
9 Соьгара шайна Iеминарг, дIаэцнарг, хезнарг,
гинарг кхочушделаш. ТIаккха синпаргIатонан
хьоста долу Дела шуьца хир ву.

### СовгIаташна баркалла олу ПахIала

10 Везачу Элаца воьзна а волуш, дикка хазахетар
хилла ву со, шун юха а сан гIайгIа бан аьтто баьлла
дела. Бакъду, шу-м хIинццалц а дара сан гIайгIа
беш, амма шун аьтто ца болура иза суна хаийта.
11 Сайна цхьа хIума оьшу дела, ца боху аса иза.
ХIунда аьлча сайна хIуъа а тIедеача а, со Iемина ву
сайн долчух тоам а беш Iен. 12 Суна къоьлла а
евзина, хьал а девзина. Муьлххачу хенахь а,
муьлххачу меттехь а сайн долчух тоам баран
къайле евзина суна – со вуьзна я меца велахь а, со
шортта хIума долуш я хIума оьшуш велахь а.
13 Суна ницкъ луш волу *Дала леррина
Къобалвинарг* бахьана долуш, суна массо а хIума
лан хаьа.
14 Делахь а аша дика гIуллакх дина, сан
баланашкахь дакъа а лаьцна. 15 Пилапхой, шуна
хууш ду-кх, со Македон-махкара ара а ваьлла, хаза
кхаъ дIакхайкхо волавеллачу хенахь, шу доцучара
цхьана а динан тобано суна хIума ца кховдийра,
аша суна гIо ма-дарра. 16 †† ‡Аша-м со Тассалник-
гIалахь волуш а, суна хIума эшча, мосуьйттазза гIо
динера. 17 Сайна совгIаташ дайтар ца лоьху аса.
Мелхо а аша динчу дикачу гIуллакхийн кехатна тIе
кхин а хIуманаш дIаяздина хилар лоьху ас.
18 ‡†ХIинца шортта хIума ду сан. Оьшург ерриге а
йолуш ю, аша мел даийтина совгIаташ Эпар-
Падатис соьга схьакхачийна. Далла доккху хаза
хьожа йогIу сагIа санна ду и совгIат, Дела цунна
реза а ву. 19 Сан Дала Ша леррина къобалвинчу
Iийсагахула Шен долчу сийлахьчу хьолаца шуна
мел оьшург лур ду. 20 Абаденналц сийлалла хуьлда
вайн Да волчу Ден! *Амин*.

### Маршаллаш

21 Маршаллаш ло Дала леррина къобалвинчу
Iийсан долахь болчу массаьрга а. Соьца болчу
динан вежарша а маршаллаш доуьйту шуьга.
22 Делан долахь болчу массара а доуьйту шуьга
маршаллаш, къаьсттина Рим-мехкан паччахьан
цIерачара.
23 Веза Эла волчу, Дала леррина къобалвинчу
Iийсан дика хуьлда шуьца массаьрца а.

† *Сан тешаме волу СезагI *– хIокху цIеран метта хила тарло: *соьца цхьаьна динан гIуллакх кхочушдина волу а накъост.**

†† *4:16 Векалийн 17:1.* ‡ *4:15, 16 2 Коринтхошка 11:9.* ‡† *4:18 Арадаккхар 29:18.*

# Ковлусихошка

### Дешхьалхе

Ковлуси-гIала Асиа-махкарчу Эпас-гIалина малхбалехь яра. Ша набахтехь волуш цу гIалахь йолчу динан тобанна лерина дара. И динан тоба ПахIала дIахIоттийна яцара, амма ПахIална ша жоп дала деза аьлла хетачу меттехь яра иза, хIунда аьлча Римхойн пачхьалкхана чубогIучу Асиа-мехкан коьртачу гIалара Эпасера цо цига динан гIуллакхдархой бахийтинера. ПахIална хезнера, Ковлуси-гIалахь йолчу динан тобанехь харцхьехамчаш хиларх а, цара дIасабаржош болчу харц хьехамех а лаьцна. Цара хьоьхура, Дела вовзархьама а, кхоччуш кIелхьардахийтархьама а, «стигалийн цхьаболчу хьаькамашна а, куьйгалхошна а» Iамал ян еза бохуш. Цул сов, оцу харцхьехамчаша бохура, стаг сунтвина хила а веза, кхачанца а, кхидолчу хIуманашца а доьзна долу чIогIа Iадаташ наха лардан а деза.
ХIара кехат ПахIала яздо, динан бакъболчу кхоаца цу харцхьехамчашна дуьхьало ярхьама. Цо лучу жоьпан дух иштта ду: Дала леррина къобалвинчу Iийсас кхоччуш долу кIелхьардахар дала тарло, амма оцу кхидолчу парзаша а, Iадаташа а Цунах стаг херавоккху. Ша леррина КъобалвинчуьнгахулахIара дуьне кхоьллина Дала, ткъа Цуьнгахула иза юха дIа а оьцу Цо. Цуьнца боьзна хилчий бен, дуьнен тIехь бехачу массо а наха шаьш кIелхьардахаре сатуьйсийла дац. Цу сийлахьчу хьехамца ПахIала дуьйцу, Iийсах тешаш верг шен дахарехь муха лела веза бохуш.
ХIара кехат ТихIакца Ковлуси-гIаларчу динан тобане дIадахьийтинера ПахIала. Ткъа ТихIакца цхьаьна новкъаваьлларг Онисам цIе йолу цхьа лай вара. Цунах лаьцна ПахIала кехат яздинера.

1 Делан лаамца Цо леррина къобалвинчу
Iийсан *векал* волчу ПахIала а, динан вашас
Тимапис а яздо [2] Ковлуси-гIалахь бехачу Дала
базбинчу а, Далла тешамечу а, Дала леррина
Къобалвинчуьнца боьзна а болчу динан
вежаршка.
Вайн Да волчу Делера долу дика а, синпаргIато а
хуьлда шуна.

### Далла хастам бар

[3] Шуна тIера доIанаш а деш, оха даим хастамаш
бо вайн Веза Эла волчу, Дала леррина
къобалвинчу Iийсан Да волчу Далла. [4] ХIунда аьлча
Дала леррина къобалвинчу Iийсах шун тешар
хиларх а, массо а Делан долахь берш шуна безарх
а лаьцна хезна тхуна. [5] Шу иштта лела,
стигалшкахь шайна кечдина долчуьнга шаьш
сатуьйсуш долу дела. Цунах лаьцна хазачу кхоан
билггал бакъдолчу дашехула хьалха а хезнера
шуна. [6] Шу долчу кхаьчна болу и *хаза кхаъ* дерриг а
дуьнен тIехь шен стом луш а, дIасабаьржаш а бу,
Делан дика баккъалла а муха хуьлу шуна хезначу а,
шу кхеттачу а дийнахь дуьйна, шуна юкъахь и кхаъ
иштта лелаш ма-хиллара. [7] †И хаза кхаъ вайна
везаш волчу Эпарпис бовзийтинера шуна. Вайца
цхьаьна Далла гIуллакх деш ву иза, ткъа шун
дуьхьа иза Дала леррина Къобалвинчун тешаме
ялхо а ву. [8] Делан Сино шуна беллачу безамах
лаьцна тхоьга хаам бинарг а иза вара.
[9] Цундела тхайна и хаам бинчу дийнахь дуьйна,
шуна тIера даим доIанаш деш ду тхо. Оха доьху,
Делан Сино мел луш долчу хьекъалца а, кхетамца а
Делан лаам бовзарх шу дузийтар. [10] Иза иштта
хилахь, массо а хIуманна тIехь Делан лаамехь дерг
а деш, Везачу Элана хьалха хьакъ долуш лелар ду
шу. Аша деш долчу муьлххачу а дикачу
гIуллакхаша стом а лур бу, Дела вовзарна тIехь
кхиамаш а бохур бу аша. [11] Цуьнан нуьцкъалчу
сийлалле хьаьжжина, шу чIагIдина хуьлийла, массо
а хIума собарца ловш шу хилийтархьама.
Даккхийдерца [12] стигаларчу Дена хастамаш бойла
аша. Серлонан олаллехь Шен долахь болчарна лур
ду аьллачун декъашхой шух хилийта, шуна
хьуьнар Делларг Иза ма ву. [13] Вай, боданан олаллех
кIелхьара а даьхна, Шен везаш волчу КIентан
олалле даьхна Цо. [14] ††Цуьнгахула вай
паргIатдахархьама мах а белла, вайн къиношна
гечдина Дала.

† *1:7 Ковлусихошка 4:12; Пхьалмане 1:23.*

†† *1:14 Эпасхошка 1:7.*

### Дала леррина къобалвина Іийса а, Цо кхочушдина гІуллакх а

15 *Дала леррина Къобалвинарг* –
гуш воцучу Делан гуш долу васт ду.
Цуьнан дуьххьарлера Доьзалхо ву Иза,
кхоьллина мел долчу хІуманал тоьлуш а волуш.
16 Стигалшкахь а, лаьттахь а
гуш долу а, гуш доцу а
массо а хІума Цо кхоьллина ду:
стигалийн паччахьаш, я олахой,
я хьаькамаш, я куьйгалхой хуьлийла уьш.
И дерриг а Цо кхоьллина а ду,
Цунна кхоьллина а ду.
17 Иза долуш долчу дерригенал а хьалха вара,
Цо массо а долуш дерг шен-шен меттехь лоттуьйту.
18 †Иза динан массо а тобанан Корта бу,
ткъа и тоба Цуьнан дегІ санна ю.
Оцу тобанан дахаран хьоста ду Иза.
Беллачарна юкъара дуьххьара денвелларг а Иза ву,
массо а хІуманна тІехь хьалхе йоккхуш Иза хилийтархьама.
19 ХІунда аьлча Далла тамехь дара
Шен мел йолу амал кхоччуш Цуьнгахь хилар.
20 ††Далла лиира Цуьнгахула стигалахь а, лаьттахь а долу дерриг а хІума Шеца тайта.
*ЖІара* тІехь Іанийначу Шен КІентан цІийгахула
царна а, Шена а юкъахь барт бира Цо.
21 Аша дечу вочу гІуллакхаша гойтура, цхьана
хенахь шу а Далла херадевлла хилар. Шайн
кхетамехь Делан мостагІий дара шу. 22 Ткъа хІинца,
Ша леррина Къобалвинчун дегІан даларехула,
Дела шуьца тайра, Шена хьалха шу даздина а,
цІена а, ала хІума доцуш а дІахІитторхьама. 23 Иза
иштта хир а ду, нагахь санна шайн тешар тІехь
шеконаш а йоцуш, чІагІ а делла, шу латтахь а,
шайна хезначу хазачу кхоо луш болчу сатийсамах
аша шаьш дІа ца хадийтахь а. Стигал кІел болчу
массаьрга а дІахазийтинчу оцу хазачу кхоан ялхо
хилира сох, ПахІалах.

### ПахІала динан тобанна къахьегар

24 Со воккхавеш ву айса шун дуьхьа хІинца
баланаш хьегарх. Аса сайн дегІа чохь кхочушдо
Дала леррина Къобалвинчунна тІаьхьахІиттинчара
Цуьнан дегІан дуьхьа хьега дезаш диснарг. Цуьнан
дегІ – Іийсах тешачу массеран а тоба ю. 25 Дала суна
тІедиллина шун дуьхьа оцу тобанан гІуллакхдархо
хилар. Цо со къобалвинера Шен дош шуна
дуьззина довзийта. 26 Оцу Делан дашна чохь цхьа
къайле ю. И къайле бІешерашкахь дуьйна массо а
адамийн гаранашна дІакъевлина яра. Ткъа хІинца
иза Шен долахь болчарна дІайовзийтина Дала.
27 Делан лаам бу Шен къайленан хьал мел сийлахь
ду Шен долахь болчарна дІахаийтар. Массо а
къаьмнех болчеран дуьхьа ю и къайле: Дала
леррина Къобалвинарг шун даг чохь ву, цундела
шун сатуьйсийла ду Делан сийлалле. 28 Дала
леррина Къобалвинарг вай дІакхайкхаво, хІора
адам, массо а тайпана хьекъалца кхета а деш, Іама
а деш, иза, Дала леррина Къобалвинчуьнца доьзна
а долуш, дуьззина кхочуш а дина, дІахІотторхьама.
29 Сайна чохь болх беш болчу Цуьнан ницкъаца
оцу Іалашонна къахьоьгуш ву со.

2 Суна шуьга дІахаийта лаьа, мел чІогІа
къахьоьгу аса Лаудикехь дехачу шун дуьхьа а,
юьхь-дуьхьал со шайна гина а боцучу массеран
дуьхьа а. 2 Аса иза до, уьш, вовшашка болу безам а
болуш, цхьаьнакхетта хилийтархьама а, церан
дегнаш иракарахІитторхьама а. Суна лаьа, церан
хьекъал кхачам боллуш чІогІа хила, Делан къайле
царна йовзийтархьама. Ткъа Делан къайле *Дала
леррина Къобалвинарг* ву. 3 Цунна чохь
къайлаяьккхина ю кІоргге долчу хьекъалан а,
кхетаман а мел йолу хазна.
4 Аса иза боху шуьга, цхьаннан а хазачу къамелах
шу Іеха ца далийтархьама. 5 ХІунда аьлча со, шуна
гуш юххехь вацахь а, синца шуьца ву. Шун оьзда
дахар а, Дала леррина Къобалвинчух шун чІогІа
долу тешар а гуш, воккхавеш ву со.

### Дала леррина Къобалвинчуьнца долу кхоччуш дуьзна дахар

6 Дала леррина къобалвина Іийса шаьш Веза Эла
санна тІеэцарна, Цуьнца доьзна а долуш, дахалаш.
7 Шайн тешаран орамаш Цунах дІа а тасий, Цуьнца
цхьаьна хьалакхиалаш. Шайна хьехначу тешарехь
чІагІлолаш. Баркаллех дуьззина хилалаш.
8 Варелаш, динан вежарий, вайн дайша даьхначу
Іадатийн а, кху дуьненах лаьцна адамийн болчу
кхетаман а бух тІехь долчу, шу ледан дуьйцучу
даьссачу къамелийн йийсархой ма хилалаш.
Иштта долу къамелаш Дала леррина
Къобалвинчуьнца доьзна дац. 9 ХІунда аьлча
адаман сибат тІеэцна волчу Цунна чохь Дела
кхачам болуш Іаш ву. 10 Шу а ду кхачам боллуш
дуьзна, шу Цуьнца доьзна долу дела. Стигалийн
мел болчу хьаькамел а, куьйгалхойл а коьрта ву
Иза.
11 Шу Цуьнца доьзна хиларна, адамийн
куьйгашца дина доцу шун сунтдар кхочушдина.
Дала леррина Къобалвинчо кхочушдинчу
сунтдарехула шун хьарам лаамаш дІабаьхна. 12 ‡Хих
чекхдовлучу хенахь Дала леррина
Къобалвинчуьнца цхьаьна дІадоьхкина долу шу
Цуьнца цхьаьна денделла, Иза веллачуьра
денвинчу Делан ницкъах шун долчу тешарца.
13 ‡‡Шаьш къинош летийна дела а, кхечу къаьмнех
шаьш схьадевлла дела а, хьалха шу делла дара.
Ткъа хІинца Дала леррина Къобалвинчуьнца
доьзна долу шу денделла, Дала вайн массо а

† *1:18 Эпасхошка 1:22, 23.* †† *1:20 Эпасхошка 2:16.*

‡ *2:12 Римхошка 6:4.* ‡† *2:13 Эпасхошка 2:1-5.*

къиношна геч а дина. 14 †Цо дIадайина вайн декхар
тIеяздина долу йоза. Оцу кехат тIехь вайна дуьхьал
долу а, вай бехке озош долу а парзаш дара. ЖIарах
дIа а тоьхна, Дала и кехат дIадаькккхина. 15 Иза
дарца жинийн хьаькамийн а, куьйгалхойн а карара
олалла дIадаькккхина Цо. Iийса жIарах
дIатохарехула царна тIехь толам а баькккхина,
массарна а хьалха уьш юьхьIаьржачу хIиттийра
Цо.
16 ††ХIинца дуьйна йиънарг я мелларг бахьана
долуш, къастийна долу а, я керла бутт болалуш
долу а, я шоьтан деза долу а денош бахьана долуш
цхьаммо а шу бехке ма дойла. 17 ХIунда аьлча и
дерриг а хиндолчун дегIан IиндагI ду, ткъа долуш
дерг Дала леррина Къобалвинчуьнца доьзна ду.
18 Харц кепара шу лахара хила а деза, аша
маликашна Iамал ян а деза бохучо шу Iеха ма
дойла, ша дуьйцург шена гиначу суьрташца тIе а
чIагIдеш. Цхьа а бахьана доцуш, адамийн кура
ойла хуьлу иштточу стеган. 19 ‡ДегIан Корта болчу
Дала леррина Къобалвинчунна тIе ца гIерта иза. И
корта бахьана долуш, пхенаша а, меженаша а
латтадеш цхьаьнатесна долу и дерриг а дегI Делан
лаамехь хьалакхуьуш ду.

### Дала леррина Къобалвинчуьнца далар а, Делаца дахар а

20 Нагахь санна Дала леррина Къобалвинчуьнца
шу, дала а делла, кху дуьнен чохь долчу парзийн а,
Iадатийн а долара схьадевлла хилча, хIунда гIерта
шу, кху дуьненан долахь долуш санна, 21 «хIокхунах
ма хьакхалолаш», «хIара ма яалаш», «кхунах куьг
ма Iотталаш» бохучу сацамашна тIе? 22 Диина
даьлча, телхина дIадер долчу хIуманех лаьцна
дуьйцу оцу хьехамашкахь. Уьш адамаша даьхна
парзаш а, хьехамаш а бен дац. 23 ТIехьаьжча, иштта
парзаш хьекъале ду мотта тарло: цаьрца ду шайн
лаамца Iамал яр а, харцкепара шаьш лахара хетар
а, шайн догIмашна тIехь ницкъ бар а. Делахь а,
цара шайн хьарамчу лаамашна урхалла даре
хьаьжжина, цу парзийн цхьа а мах бац.

3 ‡†Дала леррина Къобалвинчуьнца цхьаьна шу
деллачуьра денделла хиларна, Далла аьтту
агIор Иза охьахиина волчу стигалшкахь долчух
шун кхетам бузийла. 2 Лаьттахь долчун ойла а ца
еш, стигалахь долчух дегнаш дуза. 3 ХIунда аьлча
шун хьалха хиллачу дахаре хьаьжча, шу делла ду,
ткъа Дала леррина Къобалвинчуьнца шун
бакъдолу дахар Делан карахь дIахьулдина ду.
4 Шеца шун дахар долуш волу *Дала леррина
Къобалвинарг* кху дуьнен чу юхавеача, шу а
сийлаллица Цуьнца цхьаьна догIур ду.

### Шира а, керла а дахар

5 Иза иштта долу дела, шайна чохь лелаш болу а,
кху дуьненца боьзна болу а адамийн лаамаш
хIаллакбелаш: нахаца лелар, цIена доцург лаар,
боьхачу лаамех дуьзна хилар, зуламе лаамаш
хилар, сутара хилар (хIунда аьлча сутара хилар
цIушна Iамал яр санна ду). 6 Иштта дерг лелорна
муьтIахь ца хуьлучу нахана Делан оьгIазло
тIейогIур ю. 7 Мацах шу а ма дара иштта лелаш,
шайн дахар цу хIуманех дуьзна долчу хенахь.
8 Ткъа хIинца и шадерг дIадаккха: дералла,
оьгIазалла, хьагI, вониг дийцар, боьха бага леяр.
9 ‡‡Вовшашка харц ма ле, хIунда аьлча шайн шира
адам цуьнан гIуллакхашца цхьаьна аша дIа ма
тесна. 10 ‡‡†Керла адам а хилий, дIахIитта. Ша
Кхоьллинчун вастехь карладолу и адам, Дела
вуьззина вовззалц. 11 Иза иштта хиларна, цхьа а
башхо яц кхечу къомах волчу стагана я
жуьгтичунна юкъахь, сунтвинчунна я сунтваза
волчунна юкъахь, оьздачу халкъан волчу стагана я
оьздангалла йоцучу халкъан стагана юкъахь, лена
я маьршачунна юкъахь. Мелхо а, Дала леррина
Къобалвинарг уггар лараме Верг а ву, Иза
массаьрца а ву.
12 ‡‡‡Дала даздинарш а, Цуьнан хьоме
хаьржинарш а шаьш хиларна, къинхетамах,
диканиг дарх, ша-ша лахара хетарх, эсалаллех,
собар хиларх дуьзна хилалаш. 13 §Вовшех кхеташ
хилалаш, нагахь санна цхьаъ вукхунна дегабаам
болуш велахь, вовшашна гечделаш, Везачу Эло
шайна гечдаре терра. 14 Даггара вовшашка болу
безам дерриг а цу хIуманашна тIетоха. Массо а
хIума кхачаме цхьаьна доьхкург безам ма бу.
15 Дала елла йолу синпаргIато хуьлийла шун
дегнаш чохь олалла деш. Шух цхьа дегI а дина,
синпаргIатоне тIеккхайккхина Дала. Далла баркалла
олуш хила. 16 §†Дала леррина Къобалвинчун дош
дуккха а дехийла шун даг чохь. Шайн мел долчу
хьекъалца вовшашна хьехамаш а бе, вовшийн
кхета а де. Шайн дегнаш чохь Далла баркаллаш а
кхайкхош, назманаш а ала, эшарш а лекха, динан
иллеш а ала. 17 Дашца я гIуллакхца шаьш мел
дийриг Веза Эла волчу Iийсан цIарах делаш, Да
волчу Далла Цуьнгахула баркаллаш а олуш.

### Керлачу дахарехь юкъаметтигаш муха хила еза

18 §††Зударий, шайн майранашна муьтIахь хила,
хIунда аьлча иза шун декхар ду, Везачу Элаца шу
доьзна хиларна.
19 §‡Майранаш, шу а шайн зударий безаш хила,
цаьрца буьрса ма хила.

† *2:14 Эпасхошка 2:15.* †† *2:16 Римхошка 14:1-6.* ‡ *2:19 Эпасхошка 4:16.* ‡† *3:1 Забур 109:1.*

‡‡ *3:9 Эпасхошка 4:22.* ‡‡† *3:10 а: Эпасхошка 4:24; б: Доладалар 1:26.* ‡‡‡ *3:12, 13 Эпасхошка 4:2.* § *3:13 Эпасхошка 4:32.* §† *3:16, 17 Эпасхошка 5:19, 20.* §†† *3:18 Эпасхошка 5:22; 1 Кипин 3:1.* §‡ *3:19 Эпасхошка 5:25; 1 Кипин 3:7.*

20 †Бераш, массо а хIуманна тIехь шайн дас-нанас
боххург деш хила, хIунда аьлча иза Далла
хазахетарг ду.
21 ††Дай, шайн бераш оьгIаз ма эхийта, дог доьхна
уьш ца хилийтархьама.
22 ‡Леш, адамаш долчу шайн элашна массо а
хIуманна тIехь муьтIахь хила. Царна шаьш гуш
долчу хенахь там бина а ца Iаш, Везачу Элах
кхоьруш а, догцIена а лела. 23 Шаьш мел дийриг а
доггах де, адамашна деш санна а доцуш, Везачу
Элана деш санна. 24 Дагахь латтаде, Шен халкъана
лур ду аьлларг Везачу Эло совгIатна лур ду шуна.
Дала леррина Къобалвинарг баккъалла а аша
гIуллакх деш волу Эла ма ву. 25 ‡†Ткъа харцонаш
лелочунна, ша лелийначу харцоне хьаьжжина,
таIзаран ял кхочур ю. Дала цхьаьнгге а озабезамаш
ца бо.

4 ‡‡Элий, шайн лешца бакъо а, нийсо а лелош
хилалаш. Диц ма делаш, шайна тIехь цхьа Эла
хилар: стигалшкахь волу Веза Эла.

## Хьехамаш

2 Сема а долуш, Далла баркалла а олуш, леррина
доIанаш делаш. 3 Иштта тхуна тIера а доIанаш де
Деле, Цуьнан дош дIакхайкхо а, Цо леррина
Къобалвинчух лаьцна йолу Цуьнан къайле
дIайовзийта а тхан аьтто бар доьхуш. И къайле
дIакхайкхор бахьана долуш, ву со набахтехь.
4 Дехалаш Деле, и къайле дIакхайкхо еззачу
тайпана дIакхайкхо суна хаийта алий.
5 ‡‡†Арахь болчаьрца хьекъале хилалаш. БегIийла
меттиг шайна нисъелча, хьехамаш бан пайденна
хилийталаш. 6 Шун дистхилар а хаза хила деза,
дуьйцург сингаттаме ма хилийта, хIоранга а жоп
муха дала деза а хууш.

## Маршаллаш

7 ‡‡‡Сох лаьцна шадерг ТихIака дуьйцур ду шуна.
Тхоьца цхьаьна Везачу Элана гIуллакх деш волу,
тешаме къахьоьгуш волу, вайн хьоме динан ваша
ву иза. 8 Тхоьгахь хIун хьал ду шуна хаийта а, шун
дегнаш иракарахIитто а воуьйту аса иза шу долчу.
9 §Шу долчуьра тешаме а, хьоме а волу динан ваша
Онисам а ву цуьнца. Цара ккхузахь долчу
дерригенах а лаьцна дуьйцур ду шуна.
10 §†Шуьга маршаллаш доуьйту соьца цхьаьна
набахтехь волчу Арестаха а, иштта Бар-Наабан
шичас Марка а. (Цунах лаьцна олуш, аса
тIедиллинера шуна, нагахь иза шу долчу ккхачахь,
цунна хьошалла дар.) 11 Иштта маршаллаш доуьйту
шуьга ЮшаIа а. (Кхечу тайпана Юст олу цунах.) И
кхоъ сунтбинчех ву. Уьш бен бац соьца Делан
Олаллина лерина къахьоьгуш болу сунтбинарш.
Сан чIогIа догъоьцура цара.
12 §††Маршалла доуьйту шуьга Дала леррина
къобалвинчу Iийсан лай волчу шун Эпарпис а. Цо
даим а дакъалоцу шуна тIера дечу доIанашкахь,
шайн тешарна тIехь шу кхоччуш кхиийтархьама а,
Делан лаамехь долчух шу дуьзна хилийтархьама а.
13 Лаудика-гIалахь а, ХIерапал-гIалахь а долчу шуна
Эпарпис чIогIа къахьоьгуш хиларх тоьшалла до
аса. 14 §‡Маршалла ду шуьга хьомечу лоьрера
Лакера а, Демера а.
15 Маршаллаш ло Лаудикехь болчу динан
вежаршка а, Нумпате а, цуьнан цIерачу динан
тобане а. 16 ХIара кехат шаьш долчохь дешна
даьлча, Лаудикерачу динан гуламехь дIадешийта,
ткъа Лаудикехь дерг шайн гуламехь аша а деша.
17 §‡†Арихупе иштта дIаала: «Варелахь, Везачу Элаца
волуш айхьа тIелаьцна долу деза гIуллакх
кхочушделахь».
18 Аса сайн куьйгаца яздо шуьга хIара тIаьххьара
долу маршалла. Со набахтехь хилар диц ма делаш.
Делан дика хуьлийла шуьца массаьрца а.

† *3:20 Эпасхошка 6:1.* †† *3:21 Эпасхошка 6:4.* ‡ *3:22-25 Эпасхошка 6:5-8.* ‡† *3:25 Карлабаькккхинарг 10:17; Эпасхошка 6:9.* ‡‡ *4:1 Эпасхошка 6:9.* ‡‡† *4:5 Эпасхошка 5:16.* ‡‡‡ *4:7, 8 Эпасхошка 6:21, 22.*

§ *4:9 Пхьалмане 1:10-12.* §† *4:10 а: Векалийн 19:29; 27:2; Пхьалмане 1:24; б: Векалийн 12:12, 25; 13:13; 15:37-39.* §†† *4:12 Ковлусихошка 1:7; Пхьалмане 1:23.* §‡ *4:14 а: 2 Тимапига 4:11; Пхьалмане 1:24; б: 2 Тимапига 4:10.* §‡† *4:17 Пхьалмане 1:2.*

# 1 Тассалникахошка

### Дешхьалхе

Тассалник-гIала Рим-пачхьалкхан чубогIучу Македон-мехкан коьрта гIала яра. Пилап-гIалара дIа а веана, цигахь Iийсах тешачийн цхьа тоба дIахIоттийра векало ПахIала. Цо хьехам бора кхечу мехкашкара болчу а, жуьгтийн дин керла хIума санна лоруш болчу а нахана. Цу хьехамна аьтто баьллера. Ткъа цхьадолчу жуьгташна и хIума хаза ца хийтира, цундела, жимма хан яьлча, цу жуьгташа дуьхьало йира ПахIална. И бахьана долуш, ПахIалан Тассалник-гIалара дIаваха дийзира. Берия-гIала вахара иза. ТIаьхьо, ПахIал Коринт-гIала кхаьчча, цуьнан накъост волчу Тимапис Тассалник-гIалахь йолчу Iийсах тешачийн тобанан хьолах лаьцна шегара хабар дира цуьнга.
цигахь Iаш болчу Iийсах тешарш иракарахIитто а, уьш тешарехь чIагIбан а яздина дара. Церан тешарх а, безамах а долу хабар шега кхачарна баркалла боху цо. Ша Тассалникехь волчу хенахь муха Iийра дагадоуьйту ПахIала царна. Цул тIаьхьа Дала леррина Къобалвинарг юхаварах лаьцна долчу церан хаттаршна жоп ло цо: Дала леррина Къобалвинарг юхавале велларг хедар доцучу дахарехь хир вуй, Иза юхавеанчул тIаьхьа? Юха маца вогIур ву Дала леррина Къобалвинарг? Иза юхаваре сатуьйсуш Iачу хенахь, паргIат болх а беш, Iе боху цаьрга ПахIала.

### Маршалла

1 [†]ПахIала а, Салис а, Тимапис а хIара кехат яздо
вайн Да волчу Делах а, Веза Эла волчу Iийсах а
тешачийн Тассалник-гIалара тобане.
Делан дика а, синпаргIато а хуьлда шуна.

### Тассалникахойн дахар а, Делах тешар а

2 Тхайн доIанашкахь, шу дага а лоьцуш, шуна
массарна тIера даим Далла хастам бо оха. 3 Шаьш
Делах тешаш хиларна, аша дика гIуллакхаш дар а,
аша безамца къахьегар а, вайн Везачу Эле, Дала
леррина къобалвинчу Iийсага шу тешамца
сатуьйсуш хилар а даим а вайн Да волчу Далла
хьалха дагахь латтадо оха. 4 Далла безна болу
динан вежарий, шу Дала хаьржина хилар хаьа
тхуна. 5 Шу долчохь тхан *хаза кхаъ* кхайкхор дашца
бен хилла ца Iаш, Делан ницкъаца а, Делан Синца
а, кхин а боккхачу тешамца а ма бара. Шуна шайна
хаьа, шун дуьхьа шуна юкъахь тхо муха Iара.
6 [††]Делан дош тIе а эцна, тхох а, Везачу Элах а
тарделла дIахIитти шу а. Аша дукха баланаш
лайнехь а, Делан Сино хазахетар лора шуна.
7 Цундела Македон-махкахь а, Ахай-махкахь а
массо а Iийсах тешаш болчарна шух масал хилла.
8 Ткъа Везачу Элан дош а, шун Делах тешарх болу
хаам а шуьгара Македон-махка а, Ахай-махка а
кхаьчна ца Iаш, массо а кхечу меттигашка а
дIасабаьржина. Цундела шух лаьцна оха дийца
оьшуш кхин цхьа а хIума дац. 9 ХIунда аьлча цара
шаьш а дуьйцу тхох лаьцна. Цара дуьйцу, тхо шуна
тIе муха даьхкира а, иштта шу, цIуйх дIа а дирзина,
Делехьа дерзарх лаьцна а, дийначу а, бакъволчу а
Далла гIуллакх дархьама. 10 Цара дуьйцу, *Делан
КIант* стигалшкара схьаваре шу муха ладоьгIуш ду.
Дала веллачуьра денвина волу а, тIейогIу йолчу
Делан оьгIазлонах вай кIелхьардоху волу а Iийса
ма ву и КIант.

### ПахIала Тассалник-гIалахь бина болх

2 Динан вежарий, шуна хаьа, тхан шуна
тIедахкар эрна ца хилар. 2 [‡]Ткъа, шуна ма-
хаъара, хьалха Пилап-гIалахь баланаш а лайна,
сий дайина дара тхо. Тхайна луьра дуьхьало
йинехь а, тхайца Дела волу дела, тхо майрра шуна
*хаза кхаъ* кхайкхо гIиртира. 3 ХIунда аьлча тхан
хьехамашкахь дацара шу тило гIертар, я цхьа
вониг шуна хила лаар, я шуна хIилла дар. 4 Ткъа
Дала тхан сий а дина, Шен хаза кхаъ тешарца
тхоьга кховдоре терра, иштта, адамашна томана а
доцуш, амма вайн дегнаш зуьйш волу Дела лоруш
бо оха и хьехамаш. 5 ХIунда аьлча, шуна ма-хаъара,
тхо цкъа а дацара шу хестош я шуьгара тхайна
пайда лоьхуш. Дела теш ву-кх! 6 Шуна я кхечарна
тхаьш ларар я тхо хестор тIе ца дуьллу оха. 7 Тхаьш
Дала леррина Къобалвинчун векалш хиларе терра,
тхаьш лоруьйтуш дахка йиш яра тхан, делахь а,
бераш кхобург шен берашца кIеда-мерза ма-

† *1:1 Векалийн 17:1.* †† *1:6 Векалийн 17:5-9.*

‡ *2:2 а: Векалийн 16:19-24; б: Векалийн 17:1-9.*

хиллара, шуна юкъахь тийна Іийра тхо [†]. [8] Иштта
тхо шух дІаийна дела а, тхайна шу дезадаларна а
шуна Делера болу хаза кхаъ кхайкхийна оха. И
дина а ца Іаш, тхайн синош а, ца кхоош, шуна
дІадала лиира тхуна. [9] ХІунда аьлча, динан
вежарий, шуна дагадогІу-кх шу долчохь оха хаза
кхаъ кхайкхочу хенахь, тхайх шуна бала ца
бархьама, буьйсанна а, дийнахь а оха хьегна къа а,
тхуна хилла ницкъ а. [10] Шу а, Дела а теш ду-кх,
Делах тешачу шуна хьалха цІена а, Делан лаамехь
а, ала хІума а ца дуьтуш тхо муха Іара. [11] Шуна хууш
ду-кх, шух хІора а, дас шен бераш санна, лелавора
оха. [12] Шуьга дехарш а дора, шу иракара а
хІиттадора, шуна синтем а бора оха, Шен Олалле а,
сийлалле а кхайкхинчу Далла хьалха шу хьакъ
долуш дахийтархьама.
[13] Кхин а цхьа бахьана ду, оха гуттара а Далла
хастамаш баран. Аша тхоьгара Делан дош
тІеийцира, адамийн дош санна а доцуш, амма
Делан дош санна (иза иштта дан а ма ду). Делах
тешначу шуна чохь хІара дош болх беш а ду.
[14] [††]Динан вежарий, шу ЯхІуд-махкарчу динан
тобанех тарделла. Цу тобанийн нах Делах тешаш а,
Дала леррина къобалвинчу Іийсан долахь болуш а
белахь а, цара шайн махкахошкахьара баланаш
хьегна. Царах терра аша а изза баланаш лайна
шайн цхьанатайпанах болчу нехан карах. [15] [‡]Веза
Эла волу Дала леррина къобалвина Іийса а,
пайхамарш а яхІудхоша байинера. Тхо а
дІалаьхкинера цара. Делан лаамехь бац уьш, массо
а адамна мостагІий хилла царах. [16] Цара новкъарло
йо тхуна, Делан кхелах *кІелхьардовлар* муха хила
деза кхечу къаьмнех болчу нахе тхоьга ца
дийцийтархьама. И дарца цара гуттара а шаьш
летийначу къинойн барам тІехбоккху, амма Делан
оьгІазло эххар а тІекхаьчна царна.

### ПахІална тассалникахошка ван лаар

[17] Тхо, динан вежарий, дегнашца вовшах даьхна а
доцуш, ткъа вай юьхь-дуьхьал ца хиларна йоццучу
ханна вовшахдаьхна дара, цундела кхин а
боккхачу деган лаамца шу ган гІертара тхо.
[18] Цундела тхуна шу долчу дахка лаьара. ПахІал
волу со цкъа а, шозза а гІоьртира шу долчу ван,
амма иблисо тхуна массарна а новкъарло йора.
[19] Ткъа мила ву хІинца тхуна дегайовхо луш верг, я
тхуна хазахоьтуьйтуш верг, я тхан сийлаллин *таж*?
Шу-м дац те уьш, тхан Веза Эла волчу Іийсана
хьалха, Иза кху дуьнен чу юхавогІуш, хиндерш?
[20] Шу ду тхан сийлалла а, хазахетар а.
3 [‡†]Цундела шу ца гуш кхин са а ца тохаделла,
тхаьш Атина-гІалахь севцира тхо. [2] Ткъа шу
долчу тхайн динан ваша Тимапи вахийтира оха.
Иза Делан гІуллакх а деш, тхоьца Дала леррина
къобалвинчух лаьцна *хаза кхаъ* кхайкхош
къахьоьгуш ву. Аша хьоьгучу халонашкахь шун
цхьаннен а ойла ца карчийтархьама, шу динехь
чІагІдалийта а, Делах тешаран гІуллакхна тІехь
шун дегнаш иракарахІитто а вахийтина оха иза.
Шуна шайна хаьа, иштта халонаш вай лан езийла.
[4] Тхаьш шуьца долчу хенахь, вай баланаш хьоьгург
хиларх лаьцна оха хьалххе дІахаийтинера шуьга.
Шуна ма-хаъара, и дерриг а шуьца хила а хилира.
[5] Цундела, шун Іийсах тешаран гІуллакх муха ду хаа
лууш, шун ойла иблисо карчорна кхоьруш, вай
хьегна къа эрна хиларна сагатдеш, аса шу долчу
Тимапи вахийтинера. [6] [‡‡]Ткъа хІинца Тимапи шу
долчуьра схьавеана. Шун тешарх а, безамах а,
шуна тхо даим а диканца дагахь латтарх а, тхуна
шу санна, шуна а тхо ган лаарх а лаьцна дика хабар
деана цо тхоьга. [7] Ткъа мел баланехь а,
халонашкахь а тхаьш делахь а, Везачу Элах шу
тешар бахьана долуш, динан вежарий, шух синтем
хилла тхуна. [8] Шу Везачу Элаца чІагІделла долу
дела, тхо хІинца ирсе деха. [9] Шуна тІера Далла
тоъал баркаллаш муха эр дара те оха? Шу бахьана
долуш Далла хьалха даккхийдеш ма ду тхо. [10] Шун
юьхь гархьама а, шун тешар
кхочушхилийтархьама а, дийнаххьий, буьйсанний
доггах доІанаш дийр ду оха.
[11] Вайн Да волчу Дала Ша а, Вайн Веза Эла волчу
Дала леррина къобалвинчу Іийсас а некъ
боккхийла тхуна шу долчу дахка. [12] Ткъа тхуна шу
дезаре терра, вовшашка а, массо а адамашка а
болчу безамах Везачу Эло шун дегнаш дузийла.
[13] Цо шун дегнаш безамах дузуьйтур ду, шу
чІагІдархьама. ТІаккха вайн Да волчу Далла хьалха
шуна бехк буьллийла а доцуш, деза а долуш хир ду
шу, вайн Веза Эла волу Іийса, массо а Шен долахь
болчаьрца кху дуьнен чу схьавогІучу хенахь. *Амин*.

### Делан лаамехь долу дахар

4 Ткъа хІинца, динан вежарий, Веза Эла волчу
Іийсан дуьхьа, оха доккхачу дехарца доьху
шуьга шаьш Далла хазахетарг дарна тІехь оха
шайга дийцинчул а, кхин а сов кхиамаш аш бахар.
[2] Веза Эла волчу Іийсагара шайна оха хІун весеташ
делла, шуна хаьа. [3] Боьха лаамаш кхочушбарх
шайн догІмаш лардан деза аша, хІунда аьлча
Делан лаам бу, Шен дуьхьа даз а дина, шу
дІакъасто. [4] Шух хІоранна а хаа деза, цІена а, шен
сий лардеш а [‡‡†], Далла гергахь боьхачу лаамех шен
дегІ цІена латто хІун дан деза. [5] Кхечу къаьмнех
болу, Дела ца вевза нах санна, нахаца лелаpан
боьхачу лаамех дуьзна хила ца деза шу. [6] Цхьана а
хІуманна тІехь шайн вешина хьарам долу
гІуллакхаш лелош ямартло ма е, шайна са йолу агІо
лоьхуш ма хила, хІунда аьлча иштта лелачарна
массарна а Везачу Эло таІзар до. Шуьга иза
дІахьедеш баккъалла а боху оха, хьалха тхаьш ма-

[†] *Шуна юкъахь тийна Іийра тхо *– кхечу тептарш тІехь: *шуна юкъахь, кегий бераш санна, Іийра тхо.** [††] *2:14 Векалийн 17:5.* [‡] *2:15 Векалийн 9:23, 29; 13:45, 50; 14:2, 5, 19; 17:5, 13; 18:12.* [‡†] *3:1 Векалийн 17:15.*

[‡‡] *3:6 Векалийн 18:5.* [‡‡†] *Далла гергахь боьхачу лаамех шен дегІ цІена латто *– я иштта: *шен зудчуьнца муха Іан веза.**

дийццара. 7 Дала вай боьхачу лаамийн долахь а
доцуш, амма Шена хьалха цIена лелийтархьама
хаьржина. 8 Иштта дуьхьалваьлла леларг адамна
дуьхьал ца волу, ткъа вайна Шен Деза Са лучу
Далла дуьхьал волу.
9 Шуна вовшийн деза Дала Ша Iамийна, шуьга
цунах лаьцна оха цхьа а хIума дийца оьшуш дац.
10 ХIунда аьлча массо а Македон-махкара динан
вежарий шуна баккъалла беза. Динан вежарий,
шун вовшийн дезаш хилар кхин а чIагIдар
тIедуьллу оха шуна. 11 Шу чIогIа гIерта деза тийна
даха. Шайн гIуллакхаш а бен ма де. Оха шуьга
хьалха весеташ ма-дарра, шайн куьйгашца хьанал
рицкъа даккха. 12 Нагахь санна шу иштта лелахь,
Делах ца тешачу нахе а шаьш лоруьйтур ду аша,
дахарехь оьшучунна тIехь а цхьаннан а гIо оьшуш
а хир дац шу.

### Веза Эла кху дуьнен чу юхаварах лаьцна

13 Динан вежарий, кхин болу дог диллинарш
санна, шу гIайгIанехь ца хилийтархьама,
беллачарех хуьлург шуна ца довзуьйтуш Iа ца лаьа
суна. 14 Вай Iийса, вала а велла, денвелла хиларх
теша дела, Iийсах тешаш белла болу нах а Дала
Цуьнца стигалшка хьалабохург хиларх а теша.
15 †Везачу Элан дашца боху хIара оха шуьга, Веза
Эла кху дуьнен чу схьаваллалц, дехаш дисина долу
вай, беллачарел хьалха девр дац. 16 ХIунда аьлча
Веза Эла коьртачу маликан озаца а, Делан турба
лакхарца а, Ша стигалара охьавуссур ву, ткъа Дала
леррина Къобалвинчух тешаш а болуш белларш
хьалха денлур бу. 17 Цул тIаьхьа вай, далаза
диснарш, царах дIа а кхетта, Везачу Элана дуьхьал
мархашка хьаладохур ду. ТIаккха вай даим Везачу
Элаца цхьаьна хир ду. 18 Иштта, хIокху дешнех
вовшашна синтем а беш Iе.

### Веза Эла схьаваре кечло

5 Динан вежарий, хин йолчу хенах а, заманах а
лаьцна оха шуьга хIумма а яздан оьшуш дац.
2 Шуна шайна а билггала хаьа, буьйсанна
цIеххьана вогIу къу санна, иштта дагахь доццучу
хенахь тIекхочур ду Везачу Элан де. 3 «ХIинца
машар бу, цхьа а кхерам а бац» – адамаша боххучу
хенахь, берах йолчу зудчунна цIеххьана тIедогIу
лазарш санна, цIеххьана тIедогIур ду церан
хIаллакьхилар а. Уьш кIелхьара а бевр бац. 4 Ткъа
шу, динан вежарий, боданехь дац, и де, къу санна,
шуна тIекхача. 5 Шу массо а серлонан кIентий а,
дийнан кIентий а ду. Вай буьйсанан я боданан
кIентий дац. 6 Цундела вай дийшина Iан ца деза,
боданехь болу кхиберш санна, амма сема а,
кхетамехь а хила деза. 7 ХIунда аьлча бийшина
болчара буьйсанна наб йо, маларх там хилларш а
буьйсанна беха. 8 ††Ткъа вай серлонан кIентий долу
дела, Делах тешарх а, вовшийн дезарх а гIагI а
дина, Дала леррина Къобалвинчо вай
кIелхьардахаре сатуьйсуш хиларх *гIем* а йина,
кхетамехь хила деза. 9 Вай Дала оьгIазлонна а
доцуш, ткъа вайн Веза Эла волчу Дала леррина
къобалвинчу Iийсагахула вайна *кIелхьардовлар*
далархьама хаьржина ду. 10 Iийса вайн дуьхьа
велла, вай Шеца дахийтархьама, Иза схьавогIучу
хенахь вай дийна я делла делахь а. 11 Цундела,
хIинццалц санна, вовшийн дог а эца, вовшашна
чIагIдала гIо а де.

### ТIаьхьхьара а долу хьехарш а, маршаллаш а

12 Динан вежарий, доьху шуьга, Везачу Элан
гIуллакх дан шуна куьйгалла а деш, хьехамаш а
беш, шуна юкъахь къахьоьгуш берш ларар.
13 Церан болх бахьана долуш уьш тIехдика а,
безамца а ларар доьху шуьга. Вовшашца бертахь
Iелаш.
14 Кхин а чIогIа доьху шуьга, динан вежарий,
малончаш кхетабелаш, тийна-эсалчеран дог
эцалаш, гIийлачарна гIо делаш, доккха собар
долуш хилалаш массаьрца а. 15 Хьовсалаш,
цхьаьнгге а цхьанна а вонна дуьхьал вон ма
дайталаш, амма гуттара а вовшашна а, массарна а
диканиг дан гIорталаш.
16 Гуттара а самукъане а хилалаш, 17 даим а
доIанаш деш а хилалаш, 18 массо а хIуманна Далла
хастам а белаш, хIунда аьлча Дала леррина
къобалвинчу Iийсан долахь долчу шух лаьцна
Делан иштта лаам болу дела.
19 Йовш йолу цIе санна, Делан Са дIа ма
дайталаш. 20 Делера болу хаамаш аьшнаш ма
белаш. 21 Массо а хIума зен а зуьйш, диканиг
схьалацалаш. 22 Муьлххачу а зуламах ларлолаш.
23 Вайн синна паргIато луш волчу Дала Ша цIан а
дина, массо а агIор Ша санна дойла вай. Цо шун са
а, дог а, дегI а Веза Эла волу Дала леррина
къобалвина Iийса вогIучу хенахь дуьззина
къинойх цIена латтадойла. 24 ТIекхойкхург тешаме
ву. Цо кхочушдийр ду хIара.
25 Динан вежарий! ДоIанаш делаш тхуна тIера.
26 Массо а динан вежаршка доггах ‡ маршалла ло.
27 Везачу Элах дуй баарца доьху хIара кехат массо
а динан вежаршна ‡† дешар.
28 Вайн Везачу Эло, Дала леррина къобалвинчу
Iийсас, маьхза деш долу дика шуьца хуьлда ‡‡.

† *4:15-17 1 Коринтхошка 15:51, 52.*

†† *5:8 ЕшаI-ЯхIу 59:17; Эпасхошка 6:13-17.* ‡ *Доггах *– ма-дарра аьлча: *Беза барт баккхарца массо а динан вежаршка маршалла ло.** ‡† *Динан вежаршна *– кхечу тептарш тIехь: *динан безачу вежаршна.** ‡‡ *Цхьадолчу тептарш тIехь тIетоьхна ду: *Амин.**

# 2 Тассалникахошка

## Дешхьалхе

Тассалник-гIалахь йолчу тешначийн тобанехь болу нах карзахбохура Iийса маца вогIур ву бохучу хаттаро. Цхьаберш тешара Веза Эла схьаваран де тIедеана даьлла хиларх. тIехь цу харцтешарна жоп ло. ПахIала туьду, Дала леррина Къобалвинарг юхавале, воних а, зуламаш а тоъал кхочуш хир ду аьлла. «Воних» олучу цхьана стага олалла дечу хенахь хир ду иза. И стаг Дала леррина Къобалвинчунна дуьхьал хир ву.
Баланаш хьоьгуш белахь а, шайн тешарехь чIагIбина хила беза хIара кехат доьшурш, боху векало ПахIала. ПахIала а, цуьнан накъосташа а санна болх а беш, шайн дахарна оьшург латто деза цара. Иштта цара кхидIа а диканиг дан деза.

1 †ПахIала а, Салис а, Тимапис а хIара кехат яздо
Тассалник-гIалара вайн Да волчу Делах а, Веза
Эла волчу Iийсах а тешначийн тобане.
2 Вайн Да волчу Делера а, Веза Эла волчу, Дала
леррина къобалвинчу Iийсагара а долу дика а,
синпаргIато а хуьлда шуна.

### Iийса схьавеача хинйолу кхел

3 Динан вежарий! Вай Далла баркалла ала деза,
Iийсах тешарехь шу чIагIлуш долу дела. Иза
баккъалла а иштта ду, хIунда аьлча шуна массарна
а юкъахь хIоранна а вовшашка болу безам кхин а
алсамбуьйлуш бу. 4 Иштта, оха тхаьш а Делан
динан тобанийн гуламашкахь дозалла до собаре
хиларца а, тешарца а аша массо а баланаш а,
халонаш а ловш хиларх. 5 Цу дерригено а гойту
Делан кхел нийса хилар. *Делан олалла* бахьана
долуш аша хIинца баланаш ловш болу дела, шу
хьакъ долуш хетар ду Цуьнан олалле кхача. 6 Дела
нийсо еш хиларна, шу сийсаздаьхначаьрга а
баланаш хьоьгуьйтур бу Цо, 7 ткъа баланаш ловш
долчу шуна тхоьца цхьаьна синтем хир бу. Иза хир
ду Веза Эла волу Iийса Шен нуьцкъалчу маликашца
а, йогучу цIарца а стигалшкара гучуволучу хенахь.
8 Оцу хенахь шайна Дела вовза ца лиинчарна а,
вайн Веза Эла волчу Iийсах болу *хаза кхаъ* тIе ца
эцначарна а дIадоькхур ду Цо. 9 ††ТаIзар а дина, уьш
гуттаренна а хIаллакбина хир бу. Везачу Элах а,
Цуьнан возаллин сийлаллех а дIабаьхна хир бу
уьш. 10 И таIзар дийр ду Шен долахь болчу нахера
сийлалла тIеэца а, массо а Шех тешначаьрга Шен
сий дайта а Iийса схьавеанчу оцу сийлахьчу
дийнахь. Ткъа шу а царна юкъахь хир ду, оха шуна
деллачу тоьшаллех шу тешна дела.
11 Цундела шуна тIера оха даим доIанаш до, Ша
кхайкхинчу дахарна вайн Дала шу хьакъ долуш
хилийтар доьхуш. Муьлхха а дикачу ойланца шуна
дан лууш дерг а, Делах тешарца аша деш долу
муьлхха а гIуллакх а Деле Шен ницкъаца
кхочушдар доьху оха. 12 Цу тайпана вайн Веза Эла
волчу Iийсан цIе шуьгахула а, ткъа шу Цуьнгахула а
гIарадевр ду. Вайн Дела а, Веза Эла а волчу, Дала
леррина къобалвинчу Iийсан ‡ долчу диканца хир
ду иза.

### ХIаллакьхила вогIун волу къинойн кIант

2 ‡‡Динан вежарий! Оха доьху шуьга вайн Веза
Эла волчу Дала леррина къобалвина Iийса кху
дуьнен тIе схьаварах а, вай Цуьнца
цхьаьнакхетийтарх а лаьцна: 2 шайн ойла сиха ма
карчийталаш, атта синтем ма байалаш, Веза Эла
вогIу де тIекхаьчна бохуш, цхьаммо хаам бар
бахьана долуш. Цхьаммо ала мега, и хаам Делан
Сино бина, я оха бина, я кехат тIехь дIаязбина бу
аьлла. 3 Цхьаьнгге а цхьана а кепара шаьш ле ма
дайталаш, хIунда аьлча адам, Iеса а даьлла, Далла
дуьхьал эргIаддаьлча а, хIаллакьхиларна лерина
волу а, зуламех кхачам хиллал вуьзна волу а цхьа
стаг гучуваьлчий бен, и де тIедогIур доцу дела.
4 ‡‡«Дела» аьлла, цIе йоккхучу а, адамаша Iибадат
дечу а массо а хIуманна дуьхьалвер ву и стаг, царал
ша лакха а воккхуш. *Делан цIа* чохь, ша дела ву
бохуш, охьахуур ву иза. 5 Дага ца догIу шуна, шу

† *1:1 Векалийн 17:1.* †† *1:9 ЕшаI-ЯхIу 2:10.*

‡ *Вайн Дела а, Веза Эла а волчу, Дала леррина къобалвинчу Iийсан *– я иштта: *Вайн Делан а, Веза Эла волчу, Дала леррина къобалвинчу Iийсан а.** ‡† *2:1 1 Тассалникахошка 4:15-17.* ‡‡ *2:4 Даниал 11:36; Яхьазкхиал 28:2.*

долчохь со волуш, аса шайга и дийцар? 6 Ткъа
хIинца шуна хаьа, иза сецош дерг хIун ду. И
бахьана долуш шен хеннахь бен иза гучувоккхур
вац. 7 Къайлаха долу зулам хIинцале а къахьоьгуш
ду. Амма хIинца а иза сецош волчо ккин дIа а сецор
ву, новкъара иза Дала дIаваккхалц. 8 †ТIаккха
гучувер ву зуламех вуьзна волу и стаг. Веза Эла
волчу Iийсас Шен багарчу Iаьнарца вуьйр ву иза,
Шен схьаваран дозаллица иза хIаллак а вийр ву.
9 ††Зуламех вуьзна волу и стаг гучуваьлча, иблисо
цуьнгахула лелочу ондачу ницкъаца массо а
тамашийна харцйолу билгалонаш а, Iаламаташ а
гойтуш лелар ву иза. 10 Шаьш кIелхьардохур долу
билггал долу бакъдерг безамца тIе ца эцарна а, иза
ца дезарна а хIаллакьхуьлуш берш муьлххачу а
харцонца лебеш лелар ву иза. 11 Цундела Дала
чIогIа Iехаболуьйтур бу уьш, билггал бакъдоцучух
тоьшуьйтуш. 12 ТIаккха билггал бакъдолчух а ца
тешна, харцдерг дезначарна Дала кхел йийр ю.

### КIелхьардахарна хаьржина

13 Везачу Элана безна вежарий! Шу хьалхарнаш
ду Делан Сино шу Делан дола дахарца а, билггал
бакъдолчух тешарца а Дала кIелхьардаха
хаьржинарш. Цундела шуна тIера Деле даим
баркаллаш баха деза оха. 14 Оха кхайкхийна *хаза
кхаъ* бахьана долуш шу Дала хаьржина, вайн Веза
Эла волчу, Ша леррина къобалвинчу Iийсан
сийлаллин декъашхой шу хилийтархьама.
15 Цундела, динан вежарий, чIагIлой Iелаш. Хьалха
а оха шуна бина болу а, тхан кехат тIехь язбина
болу а хьехамаш лар а беш, даха.
16 Ткъа вай дезначу, вайн Веза Эла волчу, Дала
леррина къобалвинчу Iийсас а, вайн Да волчу Дала
а Шен маьхзачу диканца хаддаза иракарахIиттор а,
хиндолчу дикане сатийсар а делла вайна.
17 Муьлххачу а аша олуш долчунна тIехь а, муьлхха
а аша деш долчу дикачу гIуллакхашна тIехь а,
иракара а хIиттош, Дала чIагIдойла шу.

### Тхуна тIера доIанаш делаш

3 Динан вежарий! Везачу Элах лаьцна кхаъ, шу
долчохь ма-хиллара, сиха дIасабаржийта а,
лоруш тIеэцийта а тхуна тIера доIанаш делаш.
2 Кхин а дехалаш мекара а, вон а нах вайх
дIакъастор, хIунда аьлча берриш а ма бац цу кхоах
тешаш.

† 2:8 ЕшаI-ЯхIу 11:4. †† 2:9 Маттай 24:24.

3 Амма тешаме ву Веза Эла. Цо чIагI а дийр ду шу,
мекара волчух лар а дийр ду. 4 Оха шайна хьоьхург
аша кхочушдеш хиларх а, кхин дIа а кхочуш дийриг
хиларх а Везачу Элаца хиларна, шух лаьцна долчух
шеко йоцуш тешар ду тхан. 5 Делан безам бовза а,
Дала леррина къобалвинчу Iийсан собар довза а
шун дегнаш Везачу Эло тIехьажадойла.

### Массо а къахьега декхарийлахь ву

6 Динан вежарий! Вайн Веза Эла волчу а, Дала
леррина къобалвинчу а Iийсан цIарах весет до оха,
аша тхоьгара тIеэцначу Делан хьехамашца а ца
лелаш, мало йолуш волчу муьлххачу а динан
веших дIакъаста аьлла. 7 Шуна шайна а ма хаьа,
шу, тхо ма-леллара, лела дезийла. Оха шу долчохь
мало ца йора. 8 Цхьанна а меттехь маьхза бепиг ца
дуура оха. Мелхо а, шуна цхьанна а тхайх бала ца
бархьама, дийнахь а, буса а, къа а хьоьгуш, болх
бора оха. 9 Иза-м тхайн бакъо яц аьлла а доцуш,
шуна тхайгара дика масал далийта дора оха, шун а
иштта лела лаам хилийтархьама. 10 Шу долчохь
тхаьш хиллачу хенахь, оха хIара весет динера
шуьга: «Къахьега ца лууччо хIума а ма яа», – аьлла.
11 Шу долчуьра цхьаболу нах, къинош а летош,
мукъа Iаш бу бохуш, хеза тхуна. ХIумма а ца деш
болу уьш нехан гIуллакхашна чу юкъагIерта.
12 Ишттачарна вайн Веза Эла волчу, Дала леррина
къобалвинчу Iийсан цIарах тIедилларца оха
хьоьху, шайн куьйгашца къа а хьоьгуш, шайна
догIу рицкъа даккха а, синна паргIат хила а.
13 Ткъа аша, динан вежарий, дарх кIорда а ца деш,
диканиг де. 14 Нагахь санна шух цхьаъ оха яздина
весеташ кхочушдеш вацахь, иза билгалваккха.
Цунна эхь хетийтархьама, цуьнца юкъаметтиг ма
хилийта. 15 Иза мостагIа санна ма лара, амма, шайн
ваша хиларе терра, иза кхетаве.

### Чаккхе

16 Ткъа машар карахь болчу Везачу Эло Ша
гуттара а массо а хIуманна тIехь шун дегнашна
машар лойла. Хуьлийла Веза Эла шуьца массаьрца
а!
17 Аса, ПахIала, сайн куьйгаца яздечу маршаллица
чекхдоккху хIара кехат. Соьгарчу хIора кехатан
билгало ю иза. Аса иштта яздо:
18 Вайн Веза Эла волчу, Дала леррина
къобалвинчу Iийсас дина маьхза долу дика
хуьлийла шуьца массаьрца а.

# 1 Тимапига

## Дешхьалхе

Асиа-махкара Тимапи Iийсах тешаш волу цхьа къонах вара. Цуьнан нана жуьгти яра, ткъа да грекахо вара. ПахIал Далла гIуллакх деш лелачу хенахь кхуьнан накъост а, гIоьнча а хилира цунах. тIехь кхо коьрта гIайгIа бу.
Цкъа хьалха, цу кехато Iийсан динан тобанашкахь болчу харцхьехамна дуьхьал дIахьедар до. Жуьгтийн а, кхечу къаьмнийн а эйина йолчу ойланашна тIехь льатташ бара и харц хьехам. И нах тешара, хIара дуьне къилахь хиларх а, къайлахчу хаарехула а, кхачанах цхьайолу хIуманаш цаярехула а, маре ца яхарехула а, зуда ца ялорехула а бен кIелхьардахаре кхача ца даларх. Iийсах тешачийн тобанехь куьйгалла муха дан дезарх а, Iамал ян езарх а болу хьехамаш а бу цу кехат тIехь язбина. Динан куьйгалхойн а, тобанан гIоьнчийн а амал муха хила еза а дуьйцу яздархочо. Эххар а, Тимапина хьехар до, Дала леррина къобалвинчу Iийсан гIуллакхдархо муха хила веза а, Iийсах тешачийн тайп-тайпанчу тобанех цо жоп дала деза аьлла а.

1 Со, ПахIал, Дала леррина къобалвинчу Iийсан
*векал* ву. Векал хила бакъо суна елла вайн
*КIелхьардохург* волчу Дала а, вайн дегайовхо волчу
Дала леррина къобалвинчу Iийсас а. 2 †ХIара кехат
ас яздо хьоьга, Тимапига. Делах а тешна, хьо сан
бакъволу кIант санна хилла. Вайн Да волчу Делера
а, вайн Веза Эла волчу, Дала леррина къобалвинчу
Iийсагара а долу дика а, къинхетам а, синпаргIато а
хуьлда хьуна.

### Харцхьехамех лардар

3 Доьху хьоьга, со Македон-махка воьдуш, аса
хьайга ма-деххара, Эпасехь сацар. Цигарчу
цхьаболчу нахана харц хьехамаш бар дехка деза
ахь. 4 Къийсаршна тIе бен далош доцу хьалха
хиллачех ланьцна туьйранаш дийцар а, хаддаза
шайн хьалхалера тайпанаш хьехор а дехка царна.
Оцу къийсарша тешарца евзина йолчу Делан
Iалашонна тIе ца балабо уьш. 5 ЦIеначу даггара,
эхь-бехках буьззина, шалхо йоцучу тешаро
хуьлуьйту безам бу уьш дIабехкаран Iалашо. 6 Оцу
хьехамашна тIера дIа а бевлла, цхьаберш,
даьссачу хабаршкахьа а бирзина, галбевлла.
7 Товрат-хьехаман Iелам-хьехамчаш хила лаьа
царна. Делахь а уьш шаьш а ца кхета я шаьш
дуьйцучух я шаьш тешарца хьоьхучух.
8 Ткъа вайна-м хаьа, товрат-хьехамаш дика буйла,
нагахь санна уьш лело ма-беззара лелош белахь.
9 И товрат-хьехамаш Делан лаамехь волчунна бина
бац. Уьш зуламхошна, Iедална муьтIахь боцучарна,
Iесачарна, къинош летийначарна, дин доцучарна,
Далла гергахь бехбеллачарна, сийсазчарна, шайн
да а, нана а, кхидолу адамаш а дойучарна бина бу.
10 Иштта кхин а нахаца лелачарна а, вовшашца
хьарам дерг лелочу божаршна а, дохкархьама
адамаш лечкъочарна а, харц луьйчарна а, дуй
къарбочарна а, нийсачу хьехамашца ца догIуш
лелочу массо а хIуманна бина бу и товрат-
хьехамаш. 11 Сийлахь а, декъала а волчу Дала
тешарца соьга схьабеллачу хазачу кхоаца бу и
хьехамаш.

### Делан диканна хастам бар

12 Суна ницкъ беллачу вайн Веза Эла волчу, Дала
леррина къобалвинчу Iийсана баркаллаш боху ас.
Со тешаме а хетта, Шена гIуллакх дан со
билгалваьккхина Цо. 13 ††Iийса сийсазвеш, Цунах
тешарш хьийзош, царна ницкъ беш лелла волчу
сох къинхетам бина Дала, хьалха со ца кхеташ а,
Iийсах ца тешаш а хилла дела. 14 Вайн Везачу Эло
маьхза луш долу дика суна алссам тIеIаьнна Дала
леррина къобалвинчу Iийсаца болчу безамца а,
тешамца а цхьаьна. 15 «Дала леррина къобалвина
Iийса кху дуьнен чу веана къинош летийнарш
кIелхьарбахархьама». И дош бакъ а ду, цунах цхьа
а тайпана шеко йоцуш теша а деза вай. Къинош
летийначарна юкъахь со массарал а хьалхара ву.
16 Цундела ма гечдина суна Дала леррина
къобалвинчу Iийсас, Шегахь мел долу доккха собар
суна тIехь гайтархьама. Цунах а тешна, хедар доцу

† 1:2 *Векалийн 16:1.*

†† 1:13 *Векалийн 8:3; 9:4, 5.*

дахар тӀеоьцун болчарна массарна а масална дина
ду иза. 17 Хастам а, сийлалла а хуьлда массо а
заманашкахь хир волчу а, цкъа а лийр воцу
паччахь волчу а, гуш воцучу а, цхьаъ бен воцучу а
Далла. *Амин*.
18 Хьехам бо ас хьуна, сан кӀант Тимапи! Хьох
лаьцна Делера хиллачу хаамашца а доьзна, иштта
весет до ас. Ахьа оцу весеташца, дикачу тӀемалочо
санна, къовсам латтабойла, 19 хьайн тешар а, сий а
лардеш. Цхьаболчара уьш юхатеттинера, цундела
церан тешар хӀаллакьхилла, бохам баьлча доьхна
хинкема санна. 20 Иштта чех бу ХӀуьманай а,
Искандар а. Іеса къамелаш дан ца дезийла уьш
кхетийтархьама, аса уьш иблисан кара дӀабелла.

## Іийсах тешначийн тобанашкахь Іибадат дар

2 Иштта, уггар хьалха ас доьху хьоьга Деле
доӀанаш дар а, дехарш дар а, кхайкхамаш бар
а, Далла хастамаш бар а массо а адамашна а,
2 паччахьашна а, массо а олалла дечарна а тӀера.
Иштта доӀанаш де, вай ваьш мел хилало суьпа а,
оьзда а хуьлуш, иштта тийна а, маьрша а дахар
хилийтархьама. 3 ХӀунда аьлча вайн
*КӀелхьардохург* волчу Далла хьалха иза дика а,
Цунна тамехь дерг а ду. 4 Цунна лаьа массо а
адамаш кӀелхьардовла а, царна билггал бакъдерг
довза а. 5 Дела цхьаъ бен вац, иштта Далла а,
адамашна а юкъахь юкъарло лелош Верг а цхьаъ
бен вац. И Стаг Дала леррина Къобалвина волу
Іийса ву. 6 Массо а адамийн къинойх мах а луш,
Шен са дӀаделлера Цо. Иштта ду шен заманчохь
Делан безамах лаьцна дина долу и тоьшалла.
7 †Кхечу къаьмнашна Іийсах долчу тоьшаллина
*векал* а, *хаза кхаъ* кхайкхорхо а вина сох. Царна
бакъдолчу тешарх лаьцна хьеха дӀахӀоттийна со.
Билггал бакъдерг боху ас, аьшпаш а ца бутту ас.
8 Цундела суна лаьа муьлххачу меттехь а доӀанаш
божарша дойла. Хьалаайинчу куьйгашца доӀа деш
болу уьш цӀена а, Далла тешаме а оьгӀазе а боцуш,
къийсамаш ца беш а хила беза. 9 ††Иштта зударий а
доӀа дечу хенахь хила беза оьзда духар дуьйхина а,
эхь хеташ а, оьзда а. Уьш месаш хаза кечъярца,
деших я жовхӀарех йина хӀуманашца, я беза мах
болу духаршца хазбала ца беза. 10 Амма уьш шайн
дикачу гӀуллакхашца хаза хила беза, Дела лоручу
зударшца иза догӀуш ма-хиллара. 11 Зуда Іемачу
хенахь тийна а, хьоьхучунна кхоччуш муьтӀахь а
хила еза. 12 Ца магадо ас зуда хьехамаш беш хилар.
Божаршна тӀехь куьйгалла а ца деш, тийна хила
еза иза. 13 ‡ХӀунда аьлча Дала хьалха кхоьллинарг
Адам вара, тӀаккха Хьава яра. 14 ‡†Іехавелларг а
Адам вацара, ткъа зудчо, Іеха а елла, зулам динера.
15 Нагахь санна кхидӀа а Делах а тешаш, адамаш а
дезаш, цӀена а, оьзда а и хилахь, бер дарца
кӀелхьаръер ю иза.

† 2:7 2 Тимапига 1:11. †† 2:9 1 Кипин 3:3. ‡ 2:13 а: Доладалар 2:7; б: Доладалар 2:21, 22. ‡† 2:14 Доладалар 3:1-6.

## Іийсах тешачийн тобанан гӀайгӀабийриг

3 Нагахь санна цхьанна динан куьйгалхо хила
дагадеанехь, цунна дика гӀуллакх дан
дагадеана. И дош бакъ ду. 2 ‡‡Іийсах тешачийн
тобанан гӀайгӀабийриг цхьанна а стеган ала хӀума
доцуш цӀена хила веза. Цуьнан цхьа зуда бен хила
ца еза. Кхетаме а, собаре а, оьзда а, безамца
хьеший тӀеоьцуш а, динах лаьцна хьеха хууш а
хила веза иза. 3 Малар тӀехдоккхуш, девнаш дохуш
хила ца веза. Амма эсала а, машаре а, ахчанна
сутара воцуш а хила веза иза. 4 Шен цӀа дика лело а
деза цо, шен бераш шена муьтӀахь хила а, нах лара
а Іамо деза. 5 Шен цӀа лело а ларош воцург лелар
вуй те Іийсах тешначийн Делан долахь йолчу
тобанан гӀайгӀа беш? 6 Іийсах тешна дукха хан
йоцучу божарех хила ца веза иза, цуьнан даг чу
куралла а йоьссина, иблисана санна, иза кхел йина
ца хилийтархьама. 7 Арахьарчу наха дика
тоьшаллаш деш хила а веза иза, шена Іиттарш ца
яйта а, иблисан гуре ша ца лацийта а.

## Динан куьйгалхойн гӀоьнчех лаьцна

8 Динан куьйгалхойн гӀоьнчий а хила беза хьанал
нах, шалха мотт а боцуш, чагӀар малар тӀех а ца
доккхуш, ахчанах шайна пайда а ца лоьхуш.
9 Іийсах тешаран динах довзийтина бакъдерг
цӀеначу дагца лардан хууш хила беза уьш.
10 Иштанаш а цкъа хьалха зен беза. Цул тӀаьхьа,
ала хӀума доцуш уьш цӀена белахь, динан
куьйгалхошна гӀо дайта мегар ду цаьрга. 11 Царах
терра хьанал а, мотт ца бетташ а, кхетаме а, массо
а хӀуманна тӀехь тешаме а хила беза церан зударий
а. 12 Динан куьйгалхойн гӀоьнча а цхьана зудчун
майра хила веза. Шен берашна тӀехь а, шен цӀа
чохь а дика куьйгалла далуш а хила веза иза.
13 Далла гӀуллакх дика деш болчарна лараме дарж а
хир ду, Дала леррина къобалвинчу Іийсах тешар
шеконаш йоцуш а хир ду церан.

## Дала йовзийтина йоккха къайле

14 ХӀара кехат яздо ас хьоьга, кестта хьо волчу ван
ойла йолуш. 15 Нагахь санна со хьелахь а, Делан
хӀусамехь дан дезарг хьоьга хаийта боху ас. Делан
хӀусам дийна волчу Делан долахь йолчу Іийсах
тешачийн тобанан гулам бу – билггал бакъдолчун
бӀогӀам а, бух а. 16 Къийса ца дезаш, динах
йовзийтина къайле чӀогӀа йоккха ю:
Иза адаман дегӀехь гучуваьккхина,
Делан Сино бакъвина,
маликашна Иза гина,
къаьмнашна юкъахь дӀакхайкхийна,
дуьненахь адамаш Цунах тешна,
сийлаллехь Иза хьалаваьккхина.

‡‡ 3:2-7 Тите 1:6-9.

### Харцхьехамчех лаьцна

4 Делан Сино кхеттош схьабоху: тIаьхьарчу
хенашкахь цхьаболу нах Iийсах тешарх
юхабевр бу. Адамаш Iехош долчу харцжинашна а,
жинийн хьехамашна а тIаьхьахIуьттур бу уьш.
2 Харц а луьйш, шалхо лелочу нахера бу и
хьехамаш. Ткъа цу нехан эхь-бехк дайна. 3 Зуда
маре яхар а, стага зуда ялор а, Дала кхоьллина
йолу цхьайолу хIуманаш яар а ца магадо шалхо
лелочу оцу наха. Iийсах а тешаш, билггал долу
бакъдерг девзинчаьрга, Шена хастамаш а бойтуш,
яийтархьама, елла Дала и юург. 4 Дала кхоьллинарг
дерриг а дика ду. Цхьа а хIума вон дац, Далла
хастамаш а беш, иза тIеоьцуш делахь, 5 хIунда
аьлча Делан дашца а, вайн доIанашца а иза Далла
хьалха цIанло.

### Дала леррина Къобалвинчун дика гIуллакхдархо

6 И дерриг а динан вежаршна а хьоьхуш, Дала
леррина къобалвинчу Iийсан дика гIуллакхдархо
хир ву хьох. Вайн динан дешнех а, хьо
тIаьхьаваьллачу дикачу хьехамах а вузуш, вехар ву
хьо. 7 Пайда боцу туьйранаш а, даьсса хабарш а
дIататта. Мелхо а, хьо суьпа хилийта чIогIа
къахьега деза. 8 ХIунда аьлча мелла а пайда хуьлу
шен дегI чIагIдархьама къахьегарх, ткъа суьпа
хила Iамар массо а агIор пайдехьа ду. Цуьнгахь ю
хIинцалерчу а, хиндолчу а дахарна йина чIагIо. 9 И
дош бакъ а ду, муьлххачу а агIор тIелаца хьакъ
долуш а ду. 10 Ваьш суьпа хилийтархьама, вай
къахьоьгуш а, болх беш а ду. ХIунда аьлча массо а
адамийн, къаьсттина Iийсах тешаш болчеран,
*КIелхьардохург* волчу дийначу Делах вай теша.
11 ХIара хьехамаш адамашна дIа а кхайкхабе,
хьеха а хьеха. 12 Цхьа а стаг хьан къоналлех ца
вешаш ма хуьлийла. Iийсах тешачарна массарна а
хьайх дика масал гайта айхьа дуьйцучуьнца, оьзда
леларца, безамца, тешам хиларца, дог цIена
хиларца. 13 Со хьо волчу дIакхаччалц, нахана
юкъахь *Делан Йозанаш* а доьшуш, Делан дош дIа а
кхайкхош, нахана хьеха а хьоьхуш, дикка хан
яккха. 14 Хьайгахь долу Делан Синан похIма тергам
боцуш ма дита. Делера хиллачу хаамца а, динан
тобанан тхьамданаша куьйгаш тIедахкарца а хьуна
делла ду иза. 15 И гIуллакхаш а деш, яккха хьайн
ерриг а хан, хьан кхиамаш массарна а гуш
хилийтархьама. 16 Хьайн лелар а, айхьа беш болу
хьехамаш а ларбе. ХIара ас аьлла долу гIуллакхаш
даим а де, хIунда аьлча уьш дарца ахьа хьо а
кIелхьарвоккхур ву, хьайга ладоьгIуш берш а
кIелхьарбохур бу.

### Iийсах тешаш болчу кхечаьрца муха лела веза

5 Воккхачу стагана Iиттарш а ца еш, цунна
хьайн дена санна хьехам бе, кегийчарна а,
вежаршна санна, хьеха. 2 Хьайн ненаца санна,
лараме хила баккхийчу зударшца, хьайн
йижаршца санна, лараме хила зудаберашца. Массо
а агIор догцIена хила цаьрца.
3 Бисина Iаш болу зударий лара – царах билггал
бисина Iаш берш боху ас. 4 Нагахь санна цхьана
йисинчу зудчун бераш делахь, я берийн бераш
делахь, уггар хьалха шайн доьзалш лара Iамо беза
уьш. Шайн дена а, нанна а оьшург латто а деза
цара. Далла хазахетарг ду иза. 5 Билггал цхьа
йисина Iаш йолу зуда, Делах дегайовхо а йолуш,
дийнахь а, буса а доIанаш а деш, сих-сиха Деле гIо
доьхуш хуьлу. 6 Ткъа шен дегIана там лоьху йисина
зуда, дийна йоллушехь, елла ю. 7 Царна ала хIума
ца хилийтархьама, кху хьехамех кхетабе уьш.
8 Нагахь цхьаммо шайчеран, къаьсттина шайн
цIерачеран, дола деш дацахь, иза динах а ваьлла,
Iесачу стагал а оьшуш ву.
9 Кхузткъа шарал тIехъяьлла хан а йолуш, цхьана
стеган цIарна тIехь бен хилла а йоцуш, хила еза
динан тобано дIаязйина йолу йисина зуда. 10 Шен
дикачу гIуллакхашца нахана евзина а елахь, шен
бераш а кхиош, хьеший дика тIе а оьцуш, шаьш
лахара хоьтуьйтуш долу гIуллакхаш Делан нахана а
деш, хало хьоьгуш болчарна гIо а деш, муьлхха а
дика гIуллакх дан а гIерташ елахь, иза дIаязъян
тарло.
11 Ткъа къона болуш бисина Iаш болу зударий ма
харжа, хIунда аьлча шайн дегIан лаамаш хьалха
бевлча, Дала леррина Къобалвинчунна тешаме а
ца хуьлуш, царна маре баха лаа тарло. 12 Иштта
леларца шаьш бехкебойту цара, хьалха дина нигат
дIатеттина дела. 13 Цул совнаха, мукъа хила а,
хьошалгIа эха а Iема уьш. Ткъа мукъа хилла а ца
Iаш, эладитанаш а дуьйцуш, массо а хIуманна юкъа
а гIерташ, хьашт мел доцург а дуьйцуш, лела уьш.
14 Цундела лаьа суна бисина къона зударий маре
гIойла а, цара бераш дойла а. Шайн цIа а лелош,
шайна дуьхьал волчунна шайх лаьцна вониг ала
цхьа а бахьана ца дуьтуш, Iан беза уьш. 15 ХIунда
аьлча цхьаберш хIинцале а иблисана тIаьххье
харц новкъа бевлла. 16 Нагахь санна Iийсах тешачу
цхьана зудчун доьзалехь йисина зуда елахь, цо
кхаба еза иза. Iийсах тешначийн тобанна хало ян
ца еза, баккъалла а бисина Iаш болчу зударшна
оцу тобанан гIо дан таро хилийтархьама.
17 Iийсах тешначийн тобанна дика куьйгалла деш
болу тхьамданаш шозза а лара хьакъ долуш бу.
*Хаза кхаъ* кхайкхорна тIехь а, хьехамаш барна
тIехь а къахьоьгурш къаьсттина лара беза.
18 †ХIунда аьлча Делан Йозано хIара боху: «Оруш
болчу стеран бага дIа ма къовла». Кхин а боху:
«Къахьоьгург шена догIу алапа схьаэца хьакъ
долуш ву». 19 ††Динан тобанан тхьамда бехкевар
шиъ я кхоъ теш волуш бен тIе ма лаца. 20 Къинош
летийнарш массарна хьалха бехке бе, кхечеран а
даг чохь кхерам хилийтархьама.

† *5:18 а: Карлабаьккхинарг 25:4; б: Маттай 10:10; Лака 10:7.*
†† *5:19 Карлабаьккхинарг 17:6; 19:15.*

[21] Далла а, Цо леррина къобалвинчу Іийсана а, хаьржинчу маликашна а хьалха, дуй а бууш, доьху ас хьоьга: хІара хьехамаш ларбе, цхьаьнгге озабезам а ца беш, цхьаъ вукхарал лакхара а ца хеташ. [22] Сихлой, цхьанна а тІе доІанца куьйгаш ма дахка. Кхечара леточу къиношкахь дакъа ма лаца. Хьо-хьо цІеналлехь латтаве.
[23] ХІинца чул тІаьхьа, деккъа хи а малий, ма Іе. Хьайн лозучу зорхан дуьхьа а, хьайна сих-сиха хуьлу цамгарш дІаялийта а жимма чагІар мала.
[24] Цхьаболчу нехан къинош гуш хуьлу, уьш бехке хиларх массо а кхета кхел а яле. Ткъа цхьаболчеран къинош тІаьхьо бен гучу ца довлу. [25] Иштта дика гІуллакхаш а схьагуш хуьлу, ткъа уьш, гуш дацахь а, къайлаха а ца дуьсу.
6 Лоллехь бохкучу леша а, хьакъ мадду кхоччуш лара беза шайн олахой. И дан деза Делан цІе а, вайн хьехамаш а емал ца байта. [2] Шаьш санна Іийсах тешачу шайна тІехь болчу олахойх ца дешаш ма хила. Мелхо а, шайн динан вежарий уьш болу дела, кхин а дика царна гІуллакх дан деза цара. ХІунда аьлча церан балхах беркат хуьлурш царна безаш болу Іийсах тешнарш бу. Иштта хьехамаш а бе, кхета а бе.

### Харцхьехамчех а, бакъдолчу хьолах а лаьцна

[3] Цхьаболчара харц хьехамаш дІасабаржабо. Вайн Веза Эла волчу, Дала леррина къобалвинчу Іийсан хьекъале долчу дешнашна реза ца хуьлу уьш. Іийсах тешарг муха лела веза боху хьехам а тІе ца оьцу цара. [4] Ишттачарна даг чу куралла йоьссина. Царна хІумма а ца хаьа. Къовсабаларан а, дашах лаьцна къийсаме къамелаш даран а цамгар кхетта бу уьш. Ишттачух долало хьагІ хилар, девнаш дахар, вовшашна лер, мекара шеконаш хилар. [5] Хьекъалх телхинчу нахана юкъахь хуьлу и къийсарш. Билггал бакъдолчунна гена бу уьш. Динах шайна цхьа са ер ю моьтту царна.
[6] Баккъалла а, суьпа хиларх вайна йоккха са йолу, нагахь санна вайн долуш долчунна вай реза хилахь. [7] ХІунда аьлча кху дуьнен чу вай цхьа а хІума ца деана, гуш ду-кх цхьа а хІума кху дуьнен чуьра вайга дІадахьалург ца хилар а. [8] Юург а, тІеюхург а вешан хилча, тоам бан беза вай. [9] Шайн хьал совдаккха луурш зуьйш ма бу. Дукха сонтачу а, зуламечу а лаамийн речІано лоцу уьш. Оцу хІуманаша уьш дакъаза а боху, хІаллак а бо.
[10] Массо а тайпана вочу хІуманан орам – ахчанна сутара хилар ду. Ахчанна тІаьхьа а бевлла, дукххаберш динах дІабирзира. Цундела шаьш-шайга баккхий баланаш хьоьгуьйту цара.

### Тимапина бо хьехамаш

[11] Хьо-м Делан стаг вай, Тимапи. Оцу вочу хІуманех къахкалахь. *Делан лаамехь хилар*, суьпа хилар, тешар, безам, собар, эсала хилар лахалахь.
[12] Тешарца боьзна болчу дикачу тІамехь хьуьнарца тІом бе, хедар доцучу дахаран ял хьайна тІеэца гІерта. Цу дахарна Дала хьо тІекхайкхира, дуккха а тешашна хьалха хьайн хаза тоьшалла ахь дича.
[13] †Понти Пулатана хьалха Дала леррина къобалвинчу Іийсас а дира хаза тоьшалла. Цунна хьалха а, массо а хІуманна дахар луш волчу Далла хьалха а ас хьуна хІара тІедуьллу: [14] ала хІума доцуш цІена кхочушбе хІара хьехам, вайн Веза Эла волу, Дала леррина къобалвина Іийса кху дуьнен чу схьаваллалц. [15] Іийса кху дуьнен чу схьавар шен хан тІекхаьчча гойтур ду Дала –
декъала а, Ша цхьаъ бен воцу Нуьцкъалхо а,
паччахьийн Паччахь а,
олахойн а Олахо а ву Иза.
[16] И цхьаъ бен вац Іожалла тІейогІур йоцург.
Цхьа а адам тІекхочийла доцучу нуьрехь Іаш ву Иза.
Цхьанна а адамна Иза гина а вац,
цхьанна а адамна Иза гойла а дац.
Цунна ду сийдар а,
абаден олалла а. *Амин*.
[17] Кху заманчохь хьалдолчарна кура ца хилар тІедилла. Тешаме доцучу церан хьоле сатуьйсучул, Деле сатийса дезарх кхетабе уьш. ХІунда аьлча Дала дерриге а шортта ло вайна, вай, хаза а хеташ, дахийтархьама. [18] Хазаниг дар а, дика гІуллакхаш шортта дар а тІедилла царна. Комаьрша хила а, шайн хьал кхечаьрца декъа а хьеха царна. [19] Уьш иштта лелахь, шайна стигалахь бахам гулбийр бу цара. Ткъа и бахам хинйолчу заманахь онда бух хир бу. И бахьана долуш уьш бакъдолчу дахаре кхача тарло.
[20] Ва Тимапи! Дала хьайга Іалашдан дІаделларг ларде. Іесачу хабарех а, хазачу кхоаца цхьаьна ца догІучу хІуманех а дІаверза. Цхьаболчара уьш «хьекъал» олий лору, амма иза харцдерг ду.
[21] Цхьаберш, оцу хьекъална тІаьхьабовлар бахьана долуш, динан некъах тилабелла.
Делан дика хуьлда шуьца массаьрца а.

† *6:13 Яхьъя 18:37.*

# 2 Тимапига

### Дешхьалхе

чудогӀу дешнаш дукххахьолахь ПахӀалан къона гӀоьнча волчу а, цуьнца цхьаьна динан гӀуллакх дӀакхоьхьуш волчу а Тимапига бина хьехамаш бу. Кехатан коьрта ойла собар хиларе кхайкхар ду. Тимапина хьехам бо, кхидӀа а Ӏийсах лаьцна тоьшалла дар а, хазачу кхоах а, товратах а лаьцна болу тешаме хьехам ларбар а, иштта ша хьехархо а, хаза кхаъ кхайкхорхо а хуьлуш, къахьегар а аьлла. Оццу хенахь Тимапина баланаш а, адамаш дуьхьалдовлар а го.

Яздархочо Тимапига къаьсттина хьедо «сонтачу а, кхетамбоцучу а къийсарех» къахкар, хӀунда аьлча иштачу къамелаша диканиг ца дойту, мелхо а, цара талхабо шайга ладугӀуш болу нах.

Оцу массо а хӀуманашкахула яздархочо дагадоуьйту Тимапина шен дахаран а, Ӏалашонан а масал: шен тешар а, собар а, безам а, доьналла хилар а, баланаш а.

1 Тимапи, хӀара кехат яздо хьоьга ПахӀала. Дала
леррина къобалвинчу Ӏийсан *векал* ву со
Делан лаамца. Со Дала ваийтина Ша леррина
къобалвинчу Ӏийсаца цхьаьна вай долчу хенахь
лур ду аьлла долу бакъдолу дахар дӀакхайкхо. [2] †Ас
яздо хьоьга, сайн хьоме кӀант волчу Тимапига.
Вайн Да волчу Делера а, вайн Веза Эла волчу, Дала
леррина къобалвинчу Ӏийсагара а долу дика а,
къинхетам а, синпаргӀато а хуьлда хьуна.

### Баркаллаш а, иракарахӀиттор а

[3] Дийнахь а, буса а сайн доӀанашкахь хьо
дукхазза а дагавогӀуш, сан дайша ма-барра,
цӀеначу дагца айса лоруш волчу Далла хастам бо
ас. [4] Деана долу хьан бӀаьрхиш дагахьдохку суна.
Хьо ган лууш кийра богу сан. Хьо а гина, сан
хазахетар кхочушхуьлийла. [5] ††Хьо цӀеначу даггара
Ӏийсах тешар дагадогӀу суна. Хьалха хьан бабин
Лусин а, хьан ненан Эвникин а даг чохь иштта
тешар лаьттара. Ткъа хӀинца хьан даг чохь а и
тешар латтарх шеко яц сан. [6] Цундела юха а
дагадоуьйту ас хьуна, сайн куьйгаш тӀедахкарехула,
Дала хьайна деллачу похӀмин алу кхин а йовха
ягийталахь. [7] ХӀунда аьлча Дала вайна кӀиллоллин
са хилийта ца делла Шен Са, ткъа вайн синан
ницкъ хилийта а, безам зуьйш а, вай кхетаме
хилийта а делла.
[8] Цундела эхь ма хета вайн Везачу Элах лаьцна
тоьшалла дан. Цуьнан дуьхьа тутмакх волу со
бахьана долуш а эхь ма хета. Мелхо а, ахьа а Дала
хьайна луш болчу ницкъаца *хаза кхаъ*
дӀакхайкхоран дуьхьа соьца цхьаьна баланаш
хьега. [9] Дала кӀелхьардаьхна вай. Цо Шена
тӀекхайкхина вай, Шен долахь дерш вайх
хилийтархьама. Вай дина гӀуллакхаш бахьана
долуш ца дина Дала иза, амма Шен Ӏалашо а, дика
а бахьана долуш дина. Хенаш а кхоллале, Ша
леррина къобалвинчу Ӏийсагахула вайна делла
дара Цуьнан мах боцу дика. [10] Ткъа и дика вайна-м
Дала леррина къобалвина Ӏийса, вай
КӀелхьардаьхнарг, кху дуьнен чу схьавеача,
хӀинцца бен ца гайтина Дала. Вайна тӀехь долу
Ӏожаллин олалла дохийна Ӏийсас. Ша
дӀакхайкхийнчу хазачу кхоэхула Ӏожалла ца хуьлу
бакъдолу дахар стенца хуьлу гайтира Цо. [11] ‡И хаза
кхаъ дӀакхайкхо Ӏийсан векал а, хьехархо а
дӀахӀоттийна со. [12] Цундела хӀара массо а баланаш
дӀакхоьхьуш ву со. Амма суна эхь ца хета. Суна хаьа
со Хьанах тешна. Сох а тешна, тӀедогӀур долчу оцу
денна Ша соьга делларг лардан Иза ницкъ болуш
хиларх со тешна ву. [13] Дала леррина къобалвинчу
Ӏийсагахула вайн долуш долчу тешарца а, безамца
а соьгара хьайна хезначу цӀеначу хьехамех масал а
дай, Ӏелахь. [14] Хьайх а тешна, дитина долу диканиг
вайн чохь дехаш долчу Делан Синан гӀоьнца
ларделахь.
[15] Хьуна хууш ма-хиллара, Асиа-махкахь берш
массо а сох дӀабирзина. Царна юкъахь бу Пигал а,
ХӀарми-Гена а. [16] Везачу Эло къинхетам бойла
Анисапаран цӀийнах. Цо дукхазза а догъэцна сан.
Со набахтехь хиларх эхь ца хийтира цунна. [17] Рим-
гӀалахь ша нисвелча, леррина лехча, со халла
карийра цунна. [18] Везачу Эло Шегахь болу
къинхетам бойла цунах вайна тӀедогӀур долчу оцу

† *1:2 Векалийн 16:1.* †† *1:5 Векалийн 16:1.*

‡ *1:11 1 Тимапига 2:7.*

дийнахь. Эпас-гӀалахь цо суна мел дина долу дика
гӀуллакхаш хьуна-м къаьсттина дика хаьа.

### Дала леррина къобалвинчу Ӏийсан тешаме тӀемало

2 Ткъа хьо, сан кӀант, Дала леррина
къобалвинчу Ӏийсаца вай хиларна, вайна
делла долчу диканца доьналла долуш хилалахь.
2 Дуккха а тешаш а болуш, хьайна соьгара хезна
болу хьехамаш дӀалолахь тешамечу нахе, кхечарна
хьеха хьуьнар долчаьрга.
3 Дакъалацахьа ас хьоьгучу баланашкахь, Дала
леррина къобалвинчу Ӏийсан дикачу тӀемалочо
санна. 4 Цхьа а дика тӀемало шен цӀерачу
гӀуллакхашна тӀера ца хуьлу, эскаре кхайкхинчу
хьаькамна муьтӀахь хила лууш. 5 Ткъа
къийсадаларшкахь дакъалоцучунна толаман *таж*
кхочур дац, нагахь санна иза, бакъонаш лар а еш,
къовса ца веллехь. 6 Къахьегна волчу ахархочунна
уггар хьалха дӀакхачо деза ша бинчу белхан
кхачанан дакъа. 7 Ойла елахь аса дуьйцуш долчун.
И массо а хӀума хаа кхетам лур бу хьуна Везачу Эло.
8 Беллачарна юкъара денвина волу, Дауд-
паччахьан тӀаьхьенах ваьлла волу Дала леррина
къобалвина Ӏийса даим дагахь латтавелахь. Ас
кхайкхош болчу хазачу кхоан чулацам иштта бу. 9
*Хаза кхаъ* кхайкхорхьама тӀеэцна ас хӀара бала. Ур-
атталла, зуламхочунна санна, буржалш а тоьхна
суна. Амма Делан дашна тохалур дац буржалш.
10 Цундела Дала къастийначарна хиндолчу диканан
дуьхьа ловш бу аса хӀара массо а баланаш. Лаьа-кх
Дала леррина къобалвинчу Ӏийсагахула луш долу
*кӀелхьардовлар* а, даим а хиндолу сийлалла а
царна а кхачийта. 11 Нийса аьлла ду:
«Нагахь санна вайн Ӏийсаца далар хиллехь,
Цуьнца цхьаьна дахар а хир ду вайн.
12 †Нагахь санна вай баланаш ловш делахь,
Цуьнца цхьаьна паччахьалла деш а хир ду вай.
Нагахь санна вай Цунах дӀакъастахь,
тӀаккха Иза а вайх дӀакъаьстар ву.
13 Нагахь санна вай тешаме ца хилахь а,
Иза-м хӀетте а тешаме хир ву,
хӀунда аьлча Ша-Шех дӀакъаьстийла дац
Цуьнан».

### Хьакъ долу гӀуллакхдархо

14 И хӀуманаш нахана дагадаийта. Далла хьалха
дӀахьеде цаьрга, дешнаш тӀехула къийсамаш ма бе
алий. ЛадоьгӀурш галбахар бен, иза цхьанна а
пайденна дац. 15 Делан къобалдар хьайна
хилийтархьама, хьайн ницкъ кхочург дерриг а
делахь. Цхьанна а агӀор эхь хетийла доцу дика
белхало санна хилалахь, билггал бакъдолчух
лаьцна долу дош ма-дарра нийса а хьоьхуш. 16 Ӏеса
а, сонта а долчу хабаршна генна валалахь, хӀунда
аьлча цара адамаш Далла уллора гена доху. 17 Ткъа
иштта хьехамаш, вочу цамгаран ун санна, сихха
дӀасабаьржа. И Ӏеса а, сонта а хабарш хьоьхучарна
юкъахь бу ХӀуьманай а, Пилти а. 18 Уьш билггал
бакъдолчунна тӀера дӀабевлла. Цара хьоьху, белла
болу нах денло де чекхдаьлла бохуш. Иштта долчу
хьехаршца цара цхьаболчу нехан тешар галдоккху.
19 ††Делахь а Дала дӀахӀоттийна болу онда бух чӀогӀа
лаьтташ бу. Цунна тӀе дӀаяздина хӀара дешнаш ду:
«Везачу Элана бевза Шен долахь берш». Кхин а
боху: «ХӀора а, ша Везачу Элан ву бохург, зуламах
къахка веза».
20 Муьлххачу а доккхачу цӀа чохь дашо а, дато а
пхьегӀаш хилла а ца Ӏаш, дечигах а, кхийра
поппарх а йина йолу пхьегӀаш а хуьлу. Царах
цхьаерш дезачу гӀуллакхна лерина хуьлу, вуьш
ларамазчу гӀуллакхна лелош хуьлу. 21 Иштта массо
а вон долчух цӀанвелларг а хир ву лакхарчу
гӀуллакхна хаьржина, язйина йолу и пхьегӀа санна.
Иштта стаг а ма хуьлу шен Олахочунна тешаме а,
пайден а, массо а дикачу гӀуллакхна кийча а.
22 Къоначийн сийсазчу лаамех вадалахь. ЦӀеначу
даггара Везачу Эле кхойкхучаьрца лаха нийсо а,
тешар а, безам а, синан паргӀато а. 23 Сонтачу а,
кхетамбоцучу а къийсарех къахка, хӀунда аьлча
хьуна хьайна а хаьа-кх уьш девне довлий. 24 Везачу
Элан лай товш вац къийсалуш. Массаьрца а кӀеда-
мерза, хьехамаш бан дика хууш, собар долуш хила
веза иза. 25 Шен мостагӀашна а эсала хьехамаш бан
беза цо. Дала царна а дохкодовлар а, билггал
бакъдерг довзар а дала тарло. 26 ТӀаккха и
мостагӀий а, дохко а бевлла, меттабогӀур бу. Иблисо
шен лааме берзийна болу уьш шаьш дӀалаьцначу
цуьнан речӀанах паргӀатбевр бу.

### ТӀаьхьарчу деношкахь

3 Хаалахь, тӀаьхьарчу деношкахь хала хенаш
хир ю. 2 Шайн бен ойла ца еш хир ду адамаш.
Уьш хир ду сутара, дозаллаш деш, куралллаш еш,
вон баганаш лееш, дена а, нанна а муьтӀахь доцуш,
баркалла доцуш, дин доцуш. 3 Вовшех къа ца
хеташ, къинхетаме боцуш, вовшашна мотт бетташ,
сацам боцуш, къизаллех буьзна, дика хӀума бӀаьрга
дан ца дезаш хир бу уьш. 4 Ямартлонаш лелош,
шаьш лелочун кӀоргга ойла ца еш, даг чу куралла
йоьссина, сийсаза лелар Дела везарал алсам дезаш
хир бу нах. 5 Дин лелорехь тӀехула суьпа лелар бу
уьш, амма динан бакъболу ницкъ дӀатоттур бу
цара. Иштачех къахкалахь. 6 Къайлаха нехан
хӀусамашна чуоьхурш а хир бу ишттачарна
юкъахь. КӀеда дог долу зударий кӀелбуьтур бу цара
цигахь. Къинойх а буьзна, шайн тайп-тайпанчу
сийсазчу лаамашка шаьш лелабойтуш бу и
зударий. 7 Динах лаьцна хьехамаш даим Ӏамо
гӀерташ белахь а, билггал долу бакъдерг цкъа а
къобал ца дало цаьрга. 8 ‡Яннай а, Ямвари а Муса-
пайхамарна дуьхьал ма-валлара, уьш а
дуьхьалбевлла билггал бакъдолчунна. Церан
кхетам телхина бу, ткъа церан тешар зийча, уьш

† *2:12 Маттай 10:33; Лака 12:9.*

†† *2:19 Лелар 16:5.* ‡ *3:8 Арадаккхар 7:11.*

Іийсах баккъалла а тешаш ца хилар гучудолу.
9 Амма уьш гена бевр бац. Церан а хьекъал
цахилар гучудер ду, вукхеран санна.

### ТІаьххьара бина болу хьехамаш

10 Ткъа хьо аса бечу хьехамашна а, сан дахаран
кепана а резахилира. Сан Іалашонех а, сан тешарх
а, сан собарх а, безамах а, доьналлах а масал
ийцира ахь. 11 †Со эккхийна волуш а, ас баланаш
хьоьгуш а сан леларан тидам бора ахьа. Хьуна
хьайна хаьа-кх Антиохехь а, Иконехь а, Листар-
гІалахь а суна хилларг. Мел ирча баланаш лайра
аса цигахь. Делахь а Везачу Эло оцу массо а халачу
баланех кІелхьарваьккхира со. 12 Вуьшта а хууш ма
ду, Дала леррина къобалвинчу Іийсана тІаьхьа а
хІоьттина, суьпа баха лууш болчара массара а
баланаш хьоьгург хилар. 13 ХІилланчаш а, къиза
нах а кхин а вон хир бу. Цара нах лебийр бу, ткъа
шаьш а лебойтур бу.
14 Хьох лаьцна-м хІара эр ду ас: хьайна Іемина
долу а, хьо тешна волу а и гІуллакх кхидІа а дан
деза ахьа. И дерриг а хьайна хьаьнгара хиъна
хаьа-кх хьуна. 15 Хууш ву хьо *Делан Йозанаш*
бераллехь дуьйна хьайна девзина хилар а. Дала
леррина къобалвинчу Іийсах тешарехула луш
долчу кІелхьарваларна тІевалош долу хьекъалалла
хьуна дала тарло оцу Йозанаша. 16 Делан Йозанийн
муьлхха а дакъа Дала Шен Іаь тоьхна ду. Бакъдерг
хьеха а, харцдерг гучудаккха а, гІалаташ нисдан а,
адамаш нийсачу новкъа даха а пайденна ду уьш.
17 Цу дерригенан Іалашо ю: Делан адам муьлхха а
дика гІуллакх дан кийча хилийтар.

4 Дала леррина къобалвина волу Іийса
паччахьалла дан кху дуьнен чу схьавеача,
дийна болчарна а, беллачарна а кхел йийр ю Цо. И
иштта долу дела, Цунна а, Далла а хьалха, чІагІо а
еш, ас хІара весет до хьоьга: 2 дІаккхайкхаде Делан
дош. Хьайна бегІийла долчу а, доцучу а хенахь и
дош дІаккхайкхо кийча хила. Доллучу собарца а,
хьехамашца а адамийн гІалаташ нисде, уьш
галдевлча, дІахаийта царна, уьш иракарахІиттаде.
3 ХІунда аьлча адамаша нийсачу хьехамашка
ладугІур доцу хан тІейогІур ю. Шайн-шайн
лаамашка а хьоьжуш, шортта хьехамчаш шайна
гонах гулбийр бу цара, шайн лергашна хаза лууш
дер-дерг цаьрга дийцийта. 4 Билггал бакъболчу
хьехамах дІа а бирзина, туьйранашкахьа боьрзур
бу уьш. 5 Ткъа хьо муьлххачу а хьолахь кхетаме а
хила, баланаш ловш а хила. *Хаза кхаъ*
кхайкхорхочо санна къа а хьега, Далла гІуллакх а
деш, хьайна тІедиллинарг дерриге а чекх а даккха.
6 Сайх лаьцна хІара эр ду ас: сан дахар Далла
хьалха сагІа даккха дуттуш долу чагІар санна ду –
со дІаккхалха веза хан тІееана. 7 Дикачун дуьхьа
бечу тІамехь ас хьуьнарца тІом а би, и къийсам
чекх а баьккхи, сайн тешар а ларди. 8 Делан
лаамехь со ваьхна дела, хІинца суна кийча ду
толамхочунна догІу *таж*. Оцу тІедогІун долчу
дийнахь нийса Кхелахо волчу Везачу Эло лур ду
суна и таж. Со воцчунна а, Іийса кху дуьнен чу
схьаваре безамца сатийсиначарна массарна а лур
ду Дала иза.

### ПахІала Тимапига шех лаьцна дуьйцу

9 Тимапи, хІуъа а дай, суна сихха тІекхачахьара
хьо. 10 ††ХІара дуьне шена дезарна, сох дІа а
къаьстина, Тассалник-гІала вахана Деми. Кери-Сака
Галата-махка вахана, ткъа Тита Далмати-махка
вахана. 11 ‡Лака воцург, кхин цхьа а вац соьца
висина. Лаха а лахий, Марк а схьавалавехьа
хьайца. Сан балхана тІехь суна пайден хир ву иза.
12 ‡†ТихІак Эпас-гІала вахийтина ас. 13 ‡‡Троя-гІалахь
Карпу волчохь ас йитина сан тІеюхуш йолу йовха
палаш а, сан тептарш а, къаьсттина тІаьрсигна
тІехь яздина дерш, схьадахьа, хьо вогІуш.
14 ‡‡†Дукха зуламаш дина суна цІестан пхьар волчу
Искандара. Цо мел лелийначунна Везачу Эло
таІзар дийр ду цунна. 15 Хьо а ларвала веза цунах.
Вайн хьехамашна чІогІа дуьхьалваьлла иза.
16 Суна дуьххьара кхел ечу хенахь соьгахьа гІо
даккха цхьа а ца веара, массара а дІатесира со.
Царна дуьхьал ма доккхийла иза Дала! 17 Амма
соьца Веза Эла вара. Цо ницкъ белира суна хаза
кхаъ кхоччуш болчу барамехь соьгахула
дІаккхайкхабайта а, массо а кхечу къаьмнех болчу
нахана иза дІахазийта а. Иштта
кІелхьарваьккхинера со лоьман багара. 18 Везачу
Эло муьлххачу а зуламах со кІелхьара а воккхур ву,
Шен стигаларчу пачхьалкхе со дІа а вуьгур ву.
Хастам хуьлда Цунна массо а заманчохь. *Амин.*

### ТІаьххьара делла маршаллаш

19 ‡‡‡Маршаллаш ло соьгара ПхьаьрскІилате а,
Іаккхиле а, Анисапаран цІерачаьрга а. 20 §Арсати
Коринт-гІалахь висира. Ткъа ТрахІим Милет-гІалахь
витира ас, иза цомгуш волу дела. 21 ХІуъа дай а, Іа
тІедале, схьакхача гІортахьара хьо.
Маршаллаш доуьйту хьоьга Іевала а, Пудас а,
иштта Ланас а, Калабдата а, массо а вежарша а.
22 Веза Эла хуьлийла хьан синца.
Делан дика хуьлийла шуьца массаьрца а.

---

† *3:11 а: Векалийн 13:14-52; б: Векалийн 14:1-7; ц: Векалийн 14:8-20.*

†† *4:10 а: Ковлусихошка 4:14; Пхьалмане 1:24; б: 2 Коринтхошка 8:23; Галатахошка 2:3; Тите 1:4.* ‡ *4:11 а: Ковлусихошка 4:14; Пхьалмане 1:24; б: Векалийн 12:12, 25; 13:13; 15:37-39; Ковлусихошка 4:10; Пхьалмане 1:24.* ‡† *4:12 Векалийн 20:4; Эпасхошка 6:21, 22; Ковлусихошка 4:7, 8.* ‡‡ *4:13 Векалийн 20:6.* ‡‡† *4:14 а: 1 Тимапига 1:20; б: Забур 61:13; Римхошка 2:6.* ‡‡‡ *4:19 а: Векалийн 18:2; б: 2 Тимапига 1:16, 17.* § *4:20 а: Векалийн 19:22; Римхошка 16:23; б: Векалийн 20:4; 21:29.*

# Тите

### Дешхьалхе

Тита кхечу къомах схьаваьлла вара. Іийсах тешаш верг а хилла, хаза кхаъ кхайкхоран балхахь ПахІалан гІоьнча хилира цунах. Крит-гІайре тІехь волчу шен къоначу гІоьнче дахьийтина ду. ПахІала иза цигахь витира Іийсах тешначийн тобанашца боьзна болу болх дІакхехьа. Кехат тІехь язбина кхо коьрта хьехам бу.

Цкъа-делахь, яздархочо Титина дагадоуьйту, критахойн вон амал хиларан тидам а бина, динан тобанан куьйгалхой муха амал йолуш хила беза аьлла. ШолгІа-делахь, Титина хьехам бо, Іийсах тешаш болчу нехан тайп-тайпана тобанаш муха Іамо еза: баккхий нах, баккхий зударий (ткъа цара къона зударий Іамо беза), къона божарий, леш. Эххар а яздархочо Титина дуьйцу, Іийсан долахь болу нах муха лела беза аьлла. Уьш машаре а, эсала а хила беза, ткъа цабезамах а, сонтачу къийсарех а, динан тоба йохош дечу къамелех а ларбала беза.

1 ХІара кехат ду Делан лай волчу а, Дала
леррина къобалвинчу Іийсан *векал* волчу а
ПахІалера. Со Дала къобалвина Ша хаьржина
болчу нехан тешар нийса хилийта а, суьпа муха
даха деза гойтуш долу билггал бакъдерг адамашна
довзийта а. 2 И кхочушдарца Дела волчохь хедар
доцучу дахаре сатийсар ло. Цкъа а харц воцучу
Дала заманаш йолаялале дуьйна а хьалха вайна и
дахар лур ду аьллера. 3 Шена хеттачу хенахь Дала
Шен дош довзийтира. Вайн *КІелхьардохург* волчу
Дала, сох а тешна, и дош дІакхайкхор суна
тІедиллира.
4 †Іийсах тешар вайшиннан цхьаъ хиларна,
билггал сан кІант волчу хьоьга яздо аса, Тита.
Вайн Да волчу Делера а, вайн КІелхьардохург
волчу Дала леррина къобалвинчу Іийсагара а долу
дика а, синпаргІато а хуьлийла хьуна.

### Титас Крит-гІайре тІехь къахьегар

5 Аса Критехь хьо витар хІара Іалашо йолуш дара:
цигахь даза дисина гІуллакхаш хьоьга
чекхдахийтар а, ас хьайна тІедиллина ма-хиллара,
динан тобанаш йолчу массо а гІаланашкахь
тхьамданаш дІахІиттабар а. 6 ††Иштанаш
дІахІиттабелахь: шайн леларехь вониг ала хІума
доцурш, цкъа бен зуда ялоза берш. Церан бераш а
Іийсах тешаш хила деза. Цхьаннан а йиш хилийта
ца еза, церан бераш сийсаза лела, я уьш Далла
муьтІахь дац ала. 7 Делан болх шен карахь берг
санна, шен леларехь ала вон хІума доцуш хила
веза динан тобанан гІайгІабийриг. Ша лакхара а ца
хеташ, оьгІазе а, сиха а воцуш, маларна тІера а
воцуш, леташ а, девне а воцуш, ахчанца шена
пайда а ца лоьхуш, хила веза иза. 8 Безамца
хьеший тІе а оьцуш, диканиг а дезаш, собаре а
волуш, оьзда а волуш, Далла тешаме а волуш,
юхаозавала а хууш, хила веза тхьамда. 9 Иштта оха
хьехначу, теша хьакъ долчу хьехамашна
тІегІерташ хила а веза иза. ТІаккха нийсачу
хьехамашца кхиберш иракарахІитто а, оцу
хьехамашна дуьхьал берш харцбан а йиш хир ю
цуьнан.
10 ХІунда аьлча кІезиг бац адамаш карзахдохуш
къамелаш дийраш. Цара, даьсса хабарш а
дуьйцуш, нах Іехабо. Къаьсттина Іийсах тешаш
болчу сунтбинчех лаьцна боху ас хІара. 11 Уьш
совцо беза. Дийнна доьзалш хІаллакбо цара,
цаоьшург кхайкхош. Эхь а ца хеташ, шайна пайда
лоьхуш до цара иза. 12 Царна юкъара волчу цхьана
пайхамаро аьлла а ма ду хІара: «Критахой гуттара а
бу харцлуьйш а, акхаройн къизалла йолуш а,
тІингар юзу малончаш а». 13 И нийса аьлла а ду-кх.
Цундела мел болчу къовламца харцбе уьш, церан
тешар нийса хилийтархьама. 14 Жуьгтийн къоман
туьйранаш а, билггал долчу бакъдолчун тІера
дІабирзинчеран хьехамаш а тергал байта ца беза
цаьрга. 15 Цхьаболчара олу: «ЦІена болчарна массо
а хІума цІена ду, ткъа къинош летийначарна а,
Іийсах ца тешачарна а цхьа а хІума цІена дац».
Амма церан ойланаш а, дегнаш а телхина ду.
16 Шайна Дела вевза олу цара, амма шаьш лелош
дерг бахьана долуш Цунах дІабоьрзу уьш. Уьш
хьакъ долуш бу вай царах ца даша. Уьш Далла

† *1:4 2 Коринтхошка 8:23; Галатахошка 2:3; 2 Тимапига 4:10.*
†† *1:6-9 1 Тимапига 3:2-7.*

муьтӀахь бац. Цхьана а тайпана дика гӀуллакх
шайгара далийта церан хьуьнар дац.

### ЦӀена хьехамаш

2 Ткъа ахьа билггал бакъболчу хьехамашца
догӀуш дерг хьеха. 2 Сема а, хьанал а, собаре
хилар а, ткъа шайн тешарехь а, безамехь а, собар
хиларехь а уьш цӀена хила безар а хьеха баккхийчу
нахана. 3 Иштта баккхий зударий а кхетабе, цӀена а,
лараме а лелаш, мотт а ца бетташ, маларан дола а
ца боьлхуш, кхечарна диканиг а хьоьхуш, уьш хила
безарх. 4 Цаьрга хьехийта къоначарна шайн
майранаш а, шайн бераш а дезар. 5 Собаре а, цӀена
а, шайн доьзалийн бала болуш а, дола деш а, дика
хила безарх а, шайн майранашна муьтӀахь хила
безарх а кхетабе уьш, цхьаьнгге а Делан дашах
лаьцна воних ца алийтархьама.
6 Иштта къона божарий а кхетабе собаре хила
7 массо а хӀуманна тӀехь. Царна хьайгара дика
масал гойтуш хилалахь. Хьайн хьехамашкахь
догцӀена а, оьзда а хила. 8 Хьайн хьехам цӀена
хилийта, тӀехтохам бан йиш а ца хуьлуьйтуш,
хьайн мостагӀа, юьхьӀаьржачу а хӀоьттина, вайх
лаьцна ала цхьа а вон хӀума доцуш витархьама.
9 Лешна а хьеха шайн олахошна муьтӀахь хила
безарх а, цара олахошна массо а хӀуманна тӀехь
там бан безарх а, олахошна уьш дуьхьал лен ца
безарх а лаьцна. 10 Къола а ца деш, тешаме уьш
хила безар а хьеха царна, цара лелош долчу
дерригено а вайн *КӀелхьардохург* волчу Делах
лаьцна хьехамаш хазбархьама.
11 ХӀунда аьлча массо а адамашна кӀелхьардохуш
долу Делан дикалла гучуделира. 12 Iесалла а,
дуьненан боьха лаамаш а дӀа а тесна, собаре а,
догцӀена а, суьпа а лелаш кху заманчохь даха
хьоьху вайна оцу дикалло. 13 Вай иштта лела деза,
къобалдинчу сатийсаре ла а дуьйгӀуш: иза хир ду
сийлахьчу Делан а, вайн КӀелхьардохург волчу
Дала леррина къобалвинчу Iийсан а † сийлалла
схьадар. 14 ††Цо вайн дуьхьа Шен дахар дӀаделла,
вай муьлххачу а зуламех паргӀатдахархьама а, Шен
долахь долу а, дикачунна тӀегӀиртина долу а халкъ
къинойх цӀандархьама а.
15 ХӀара хьеха дезарш а хьеха, хьайн мел долчу
олаллица иракара а хӀиттабе уьш, шен-шен метта а
хӀиттош, дӀанисбе, цхьа а хьох ца вешаш ца
хилийта.

### Iийсах тешарш муха лела беза

3 Нахана дагадаийта шаьш хьаькамашна а,
куьйгаллехь болчарна а муьтӀахь хила безар а,
муьлхха а дика гӀуллакх дан шаьш кийча хила
безар а. 2 Цхьанна а ле а ца луьйш, машаре а, эсала
а, массо а адамашца шаьш кӀеда-мерза хилар а
гойтуш, хила беза уьш. 3 ХӀунда аьлча вай а ма дара
цхьана хенахь сонта а, Далла муьтӀахь доцуш а,
тиладелла а лелаш. Тайп-тайпанчу боьхачу
лаамийн а, дегӀана там лехаран а леш а хилла,
оьгӀазаллах а, дераллах а, хьогӀах а дуьзна,
вовшийн а ца дезаш, дехаш дара вай.
4 Вай *КӀелхьардохург* волчу вайн Делан дика а,
адамашка болу Цуьнан безам а гучубаьлча,
5 вай дина долу бакъахьара гӀуллакхаш бахьанехь
а доцуш,
ткъа Шен къинхетамца кӀелхьардаьхна вай.
Шен Дезачу Синехула
Цо вай цӀан а дина,
юха а кхоьллина,
карла а даьхна.
6 Ша леррина къобалвина волчу,
вайн КӀелхьардохург волчу Iийсагахула
Дала шортонца тоьхна вайна
Шен Синан Iаь.
7 Шен маьхза долчу диканца Цо вай бакъдина,
Ша волчохь хедар доцучу дахаре кхача
сатуьйсучех
вай хилийтархьама.
8 И дош бакъ ду.
Цундела суна а лаьа оцу тӀехь хьо латта, Делах
тешнарш дика гӀуллакхаш дарна тӀехь кхиамаш
баха гӀертийтархьама. Иза дика а ду, адамашна
пайден а ду. 9 Сонтачу къийсарех а, шайн
хьалхалера тайпанаш хьехош къуьйсуш дечу
къамелех а, товрат-хьехамех лаьцна дечу девнех а,
хабарех а ларлолахь. Уьш пайден а дац, даьсса а
ду. 10 Цкъа а, шозза а айхьа хьехамаш бина болу
нах бекъаболуьйтург Iадвита, 11 и стаг, нийсачу
новкъара гал а ваьлла, къинош а летош, ша-шена
кхел еш лелаш хилар хьайна хаьа дела.

### ТӀаьххьара хьехамаш

12 ‡Артем я ТихӀак аса хьайна тӀеваийтича, со
волчу Никупола-гӀала схьаван хьажа сихо елахь,
хӀунда аьлча цигахь Iа даккха сацам бина аса.
13 ‡‡Iедал девзаш волу Зину а, Апа-Леса а дика
леррина новкъа ваккхалахь. Царна оьшучу
цхьанна а хӀуманна тӀехь ледарло ма елахь.
14 Вайнаш а Iама беза шайн хан дикачу
гӀуллакхашна яйа, дахарна оьшург тоъал
хилийтархьама а, царах пайденна боцурш ца
хилийтархьама а.
15 Соьца болчара массара а хьоьга маршаллаш
доуьйту. Тхо санна Делах а тешаш, тхо дезачаьрга
массаьрга а маршаллаш ло тхоьгара.
Делан дика хуьлийла шуьца массаьрца а.

† *Сийлахьчу Делан а, вайн КӀелхьардохург волчу Дала леррина къобалвинчу Iийсан а *– я иштта: *сийлахь Дела а, вай КӀелхьардохург а волчу Дала леррина къобалвинчу Iийсан а.**
†† *2:14 а: Забур 129:8; б: Арадаккхар 19:5; Карлабаьккхинарг 4:20; 7:6; 14:2; 1 Кипин 2:9.*

‡ *3:12 Векалийн 20:4; Эпасхошка 6:21, 22; Ковлусихошка 4:7, 8; 2 Тимапига 4:12.* ‡† *3:13 Векалийн 18:24; 1 Коринтхошка 16:12.*

# Пхьалмане

## Дешхьалхе

Пхьалман Iийсах тешаш болчарах лоруш волу цхьаъ вара. Схьахетарехь, Ковлуси-гIалахь йолчу Iийсах тешачийн тобанан декъашхо хилла иза. Цуьнан, Онисам цIе а йолуш, цхьа лай хилла. И лай шен олахо волчуьра, ведда дIавахана. Цул тIаьхьа тутмакх волчу ПахIална тIенисвелла иза, ткъа цуьнгахула и лай Iийсах теша волавелла. ПахIала и лай Пхьалман волчу юхавоуьйтуш ву. тIехь векало ПахIала цуьнга шен леца тан боху. Цо доьху Пхьалмане цуьнан лай гечдина стаг санна а, цул сов, динан ваша санна а тIеэцар.

1 Оха, Дала леррина къобалвинчу Iийсан дуьхьа
тутмакх хиллачу ПахIала а, динан вашас
Тимапис а, яздо тхоьца цхьаьна динан гIуллакх
кхочушдеш волчу хьомечу накъосте Пхьалмане а,
2 †иштта динан йише Апияте а, тхоьца цхьаьна
динан тIемало волчу Арихупе а, Пхьалманан
цIерачу динан тобане а. 3 Вайн Да волчу Делера а,
Веза Эла волчу, Дала леррина къобалвинчу
Iийсагара а дика а, синпаргIато а хуьлда шуна.

### Пхьалманан безам а, тешам а

4 Даим сайн доIанашкахь хьо дага а лоьцуш,
Далла хастамаш бо аса. 5 Iийса-Элах хьан тешарх а,
массо а Делан нахе хьан болчу безамах а лаьцна
хезна суна. 6 Аса доIа до Iийсах тешачаьрца хьан
йолу юкъаметтиг кхин а кхоччуш хилар доьхуш,
Дала леррина Къобалвинчун сийдархьама вай дан
мегаш мел долу дика хьуна хаа а хууш. 7 Динан
ваша, хьан безамах боккха синтем а, хазахетар а
хилла суна, хьан доггах леларо Делан нехан
дегнаш дендина дела.

### Онисамах лаьцна дехар

8 Иза иштта долу дела, ахь дан дезарг Дала
леррина Къобалвинчун цIарах хьоьга майрра
дIахьедан йиш ю сан. 9 Делахь а бакъахьа хета суна
хьоьга безамца дехар дар. Хьоьга доьхург къена
стаг волу ПахIал ву. Цул сов, хIинца, Дала леррина
Къобалвинчунна Iамал ярна, со тутмакх а ву.
10 ††Сайн кIант айса лоручу Онисамах лаьцна дехар
до ас. Со набахтехь лаьцна волуш, иза бакъдолчу
дахаре ваьккхира аса. 11 Цхьана хенахь-м хьуна
пайденна вацара Онисам ‡. Ткъа хIинца иза хьуна
а, суна а пайденна ву. 12 Аса юхавоуьйту хьуна иза,
хьан кара аса сайн дог дIалуш санна. 13 *Хаза кхаъ*
кхайкхорна со лаьцна волчохь, хьан метта сайна
гIуллакх а дойтуш, иза сацо лиира суна. 14 Делахь а
хьан пурба доцуш хIумма а дан ца лаьа суна. Ахь
деш долу дика гIуллакхаш, ца ваьлла дина а доцуш,
ахьа хьайн лаамца дина хуьлийла лаьа суна.
15 Хьанна хаьа: хьо волчуьра цуьнан цхьана
ханна дIавахар гуттаренна а иза юха хьоьга
тIелацийтархьама нисдина хила а ма тарло. 16 Лай
тIеоьцуш санна а доцуш, лел лакхара а лоруш,
хьоме динан ваша санна, тIеэцахьара ахьа иза.
Суна чIогIа дукха веза иза. Ткъа хьуна суна чул а
сов везалур ву. Лай санна везалур вац иза, амма
Везачу Элера волу ваша санна везалур ву.
17 Нагахь ахь со хьайн юххера стаг лоруш велахь,
со тIеоьцуш санна, тIеэцахьа иза а. 18 Нагахь санна
цо хьуна цхьа халахетар динехь, я иза хьуна
декхарийлахь велахь, иза аса сайна тIелоцу. 19 Аса,
ПахIала, сайн куьйга яздо хьоьга: аса дIатокхур ду и
декхар. Ткъа хьайн дахарца хьо суна декхарийлахь
хилар-м ас хьехош а дац. 20 Цундела, сан ваша, хьо
Везачу Элаца волу дела, и гIуллакх дар доьху ас
хьоьга. Синтем бехьа сан дагна Дала леррина
Къобалвинчуьнца хьо хиларна.
21 И ас дехнарг ахьа дийриг хиларх со тешна волу
дела, яздо аса хьоьга. Суна хаьа, аса дехначул а сов
ахьа иза дийр дуйла. 22 Кхин цхьа дехар а ду сан
хьоьга. Хьайн хьешан чоь кечъелахь суна. Шун
доIанашна жоп а луш, со шу долчу дика дIакхочур
ву аьлла, дегайовхо ю сан.

### Маршаллаш

23 ‡†Маршаллаш доуьйту хьоьга соьца цхьаьна
Дала леррина къобалвинчу Iийсан дуьхьа тутмакх
хиллачу Эпарпис а, 24 ‡‡соьца цхьаьна динан

† *1:2 Ковлусихошка 4:17.* †† *1:10 Ковлусихошка 4:9.* ‡ *Онисам *– иза «пайден» бохург ду.**

‡† *1:23 Ковлусихошка 1:7; 4:12.*

гӀуллакх дӀакхоьхьуш болчу Марка а, Арестаха а,
Демис а, Лакас а.

25 Веза Эла волчу Дала леррина къобалвинчу
Іийсагара долу дика хуьлийла шуьца [†].

‡‡ *1:24 а: Векалийн 12:12, 25; 13:13; 15:37-39; Ковлусихошка 4:10; б: Векалийн 19:29; 27:2; ц: Ковлусихошка 4:14; Ковлусихошка 4:10; д: Ковлусихошка 4:11.*

† *Цхьадолчу тептарш тӀехь тӀетоьхна ду: *Амин.**

# Іебархошка

### Дешхьалхе

Шайна еш йолу дуьхьало алсамъяларна, Іийсах тешарх дІакъаста дагахь йолчу цхьана динан тобане хьажийна дара . Яздархочо уьш церан тешарехь иракарахІиттабо, Дала леррина къобалвина Іийса бакъдолу а, тІаьххьара а Дала гучудаьккхинарг дуй чІагІ а деш. Цо дуьйцуш кхо бакъдерг ду: 1) Іийса Делан даим вехаш волу КІант ву. Ша лайначу баланашкахула стигаларчу Дена муьтІахь хила Іемира Иза. Делан КІант хилча, хьалхарчу бертан пайхамарел а, маликел а, Мусал шел а лакхара ву Іийса. 2) Дала билгалдаьккхира, Іийса массо а ханна динан да ву аьлла. Цундела Иза хьалха бинчу бертан динан дел лакхара ву. 3) Іийса бахьана долуш, Цунах тешаш верг къинах а, кхерарх а, валарх а кІелхьарваьккхина ву. Ткъа динан коьрта да волчу Іийсас бакъдолу кІелхьардаккхар ло. Іебархойн динан гІиллакхаш а, дийнатийн сагІанаш а бакъдолчун ІиндагІ бен дацара.

Исраилхойн историехь хиллачу цхьаболчу цІеяханчу нехан тешаран масалш тІе а тухуш (11-гІа корта), яздархочо иракарахІиттабо дешархой, кхидІа а тешаме хилийтархьама. Іийсага а хьоьжуш, тешаме хила безаш бу уьш, шайна тІехь мел болу баланаш а, Іазапаш а ловш, чаккхе тІеяллалц. Тептаран чаккхенехь цхьаболу хьехамаш а, дІахьедарш а ду.

### Шен КІантехула долу Делан дош

1 Хьалха Дала дукхазза а, тайп-тайпана а
дийцина вайн дайшка пайхамаршкахула,
2 ткъа кху тІаьхьарчу деношкахь Шен КІантехула
дийцина Цо вайна. Дерриге а кхочун долу Цуьнан
КІант ву дІахІоттийна. Цуьнгахула массо хІума а
кхоьллина. 3 КІант Делан сийлаллин нур а, Делан
билггал долу васт а ду. Шен нуьцкъалчу Дашца
дерриг а латтадо Цо. Шегахула адамаш къинойх а
цІандина, стигалшкахь Веза Воккхачунна аьтту
агІор охьахиина Иза.

### Делан КІант маликел а лакхара ву

4 Цунна тиллина цІе маликашна тиллинчул
лакхара хиллал, царал лакхара ву Иза. 5 †ХІунда
аьлча Маликех хьаьнга аьлла Дала:
«Хьо Сан КІант ву,
тахана Хьан Да хили Сох»?
Кхин а:
«Со Цуьнан Да хир ву,
Иза Сан КІант а хир ву?»
6 ††Шен дуьххьарлера Доьзалхо дуьнен чу
воккхуш, Дала элира:
«Делан массо а маликаш Цунна хьалха
охьатаьІийла».
7 ‡Маликех лаьцна Цо аьлла:
«Дала Іаьнарх Шен маликаш до,
цІеран алунех Шен ялхой бо».
8 ‡†КІантах лаьцна Цо аьлла:
«Хьан олаллин гІант, Дела, абаденналц лаьтта,
Хьан паччахьалла нийсонан паччахьалла ду.
9 Хьуна бакъдерг дезна, ткъа харцо ца езна,
цундела Дала, Хьан Дала,
къобалвеш тІедутту даьтта санна,
Хьан накъосташна чул
Хьуна алсам хазахетар делла».
10 ‡‡Кхин а аьлла Дала: «Веза Эла, Ахь юьхьанца
латта кхоьллина,
Хьайн куьйгашца стигалш йина.
11 Уьш дІадевр ду, ткъа Хьо вуьсур ву.
Уьш дерриг а, бедарш санна, тишлур ду.
12 ТІеюху хІума санна, Ахьа дІахьарчор ду уьш,
тІаккха уьш, бедар санна, хуьйцур ду.
Амма Хьо цкъа а хийцалур вац,
Хьан дахар чекх а дер дац».
13 ‡‡†Маликех хьаьнга а, маца а аьлла Дала:
«Охьахаа Суна аьтту агІор,
Аса Хьан мостагІий Хьан когашка охьабахккалц»?
14 Далла гІуллакх деш долу синош дац ткъа
маликаш, *кІелхьардовлар* кхочун долчарна
гІуллакх дан дахкийтина дац ткъа уьш?

† 1:5 а: Забур 2:7; б: Дауд 7:14; 1 Шерашкахь 17:13. †† 1:6 Карлабаьккхинарг 32:43 (Грекийн). ‡ 1:7 Забур 103:4 (Грекийн).

‡† 1:8, 9: Забур 44:6, 7. ‡‡ 1:10-12 Забур 101:26-28 (Грекийн). ‡‡† 1:13 Забур 109:1.

### Сийлахь кІелхьардовлар

2 Цундела ваьшна хезначунна къаьсттина
чІогІа тидам тІебохуьйтуш хила деза вай,
тешарх хера ца довлархьама. 2 Нагахь
маликашкахула аьлла дош чІогІа а хилча,
муьлххачу зуламна а, лацадогІарна а таІзар деш а
хилча, 3 таІзарх муха девр ду вай, оццул сийлахьчу
*кІелхьардовларх* ца дашахь? И кІелхьардовлар
цкъа хьалха Везачу Эло дІаккхайкхийра, цул тІаьхьа
Иза хезнаболчара иза бакъ хилар вайна чІагІдира.
4 И дерриге а тамашийначу хиламашца а,
билгалонашца а, тайп-тайпанчу ницкъашца а Дала
тІе а чІагІдира, Шен лаамца Шен Са дІаса а
даржош.

### КІелхьардовларан баьчча

5 Маликийн дола ца даьккхина Дала вай дуьйцуш
долу хиндолу дуьне. 6 †Мелхо а, Делан
Йозанашкахь цхьанхьа цхьаммо тоьшалла дина:
«Стаг мила ву, Хьан цуьнан бала кхача?
Адаман кІант мила ву, Ахьа цуьнан гІайгІа бан?
7 Цхьана ханна маликашна хьалха лахви Ахьа иза.
Юха, сийлаллин *таж* а делла, вазвина иза ††.
8 Дерриг а цуьнан когашка охьадилли Ахьа».
Дерригенна а тІехь цуьнга олалла дайтича, Дала
цуьнан кара ца дерзош хІумма а ца дитина. Ткъа
цкъачунна тхуна ца го дерриг а цуьнан карахь
хилар. 9 Амма тхуна гург Іийса ву. «Цхьана ханна
маликашна хьалха лахвина» вара Иза, ткъа хІинца,
Іожалла тІеэцарна, «сийлаллин таж а делла,
вазвина ву Иза». Иза иштта лелла, Дала маьхза
дина дика бахьана долуш, дерриге а адамийн
дуьхьа кхалхархьама. 10 ХІунда аьлча дерриг а Шен
дуьхьа а, дерриг а Шегара а Долчунна товш дара,
дукхахберш сийлаллина тІебоьдучу новкъахула а
буьгуш, уьш кІелхьарбохуш волу Баьчча баланех
чекхваккхар.
11 Нах базбеш Верг а, базбеш берш а Цхьаннах
схьабевлла бу, цундела Цунна эхь ца хета царах
вежарий ала. 12 ‡Цо боху:
«Хьан цІе Сайн вежаршна кхайкхор ю Аса,
Хьуна хастам бийр бу Аса динан гуламе
баьхкинчарна хьалха».
13 ‡†Кхин а боху Цо:
«Со Цунах дегайовхо йолуш хир ву».
Кхин а:
«ХІара Со а, Дала Суна делла бераш а ду».
14 И бераш дилханах а, даьІахкех а лаьтташ ма-
хиллара, Иза а хилира уьш санна, Шен кхалхарца
Іожаллина тІехь ницкъ болу *иблис* эшорхьама а,
15 Іожаллех кхоьруш, дерриге а шайн дахарехь
лоллехь баьхкинарш паргІатбахархьама а.
16 ‡‡ХІунда аьлча, гуш ду-кх, маликашна гІо ца до Цо,
амма ИбрахІиман тІаьхьенна гІо до. 17 Цундела
дерригенна а тІехь Шен вежарех тарвала везаш
вара Иза, Далла хьалха къинхетаме а, тешаме а
*динан коьрта да* хилархьама. Иштта а хилла,
адамийн къиношна гечдайта таро яра Цуьнан.
18 Ша, зен а зийна, баланаш хьегна дела, зуьйш
болчарна гІо далур ду Цуьнга.

### Іийса Мусал а сийлахь ву

3 Иштта, вежарий, шу Делан долахь дерш а,
стигалахь долчун дакъа кхочурш а ду. Цундела
Делан *Векал* а, вайн *динан коьрта Да* а волу Іийса
дагахь латтавелаш. 2 ‡‡†Ша ДІахІоттийначунна
тешаме вара Иза, Делан цІентІехь Муса тешаме ма-
хиллара. 3 Іийса Мусан чул а боккха ларам болуш
хилла, цІа дийриг ша дечу цІийнан чул боккха
ларам бан хьакъ ма-хиллара. 4 ХІунда аьлча
муьлхха а цІа цхьаммо деш ду, ткъа дерриг а
динарг Дела ву. 5 Делан дерриге а цІийнехь тешаме
ялхо санна вара Муса. Хинйолчу заман чохь эр
долчух тоьшалла дора цо. 6 Амма *Дала леррина
Къобалвинарг* Делан цІентІехь куьйгалла деш волу
тешаме КІант ву. Ткъа Цуьнан цІа вай ду, нагахь
вай доьналлица а, тешарца а ваьш сатуьйсучунна
тІехь латтахь.

### Делан синтем

7 ‡‡‡Цундела, Делан Сино ма-аллара:
«Тахана, нагахь шуна Цуьнан аз хазахь,
8 дуьхьал ма довлалаш,
яьссачу арахь шаьш зуьйчу хенахь хамталла еш
ма-хиллара.
9 Шун дайша Со зийра цигахь,
шовзткъа шарахь Аса мел динарг шайна
гиннашехь.
10 Цундела, царна оьгІаз а вахана, Аса элира:
„Гуттар а шайн дегнашкахь тилабелла бу уьш,
Сан некъаш ца девзина царна“.
11 Цундела Сайн оьгІазаллица Ас чІагІо йира,
синтем лур бу аьллачу метте кхочур бац уьш
аьлла».
12 Иштта, хьовсалаш, вежарий, шайна юкъахь
цхьаннан а мекара а, тешар доцу а дог ма
хилийталаш, дийна волчу Делах шаьш дІа ца
къастийтархьама. 13 Амма хІора дийнахь,
вовшашна хьехамаш а беш, динехь чІагІлолаш,
«тахана» ала йиш мел хуьлу, хьарамчу хІуманах
Іеха а велла, шух цхьаннан дог юха ца далийта.
14 Дала леррина Къобалвинчун декъахой ду вай,
нагахь юьхьанца хилла долу шеко йоцуш хилар
чекхдовллалц вайца хилахь.
15 §Делан Йозанашкахь аьлла ду:
«Тахана, нагахь шуна Цуьнан аз хазахь,
дуьхьал ма довлалаш,

† *2:6-8 Забур 8:5-7.* †† *...вазвина иза *– цхьадолчу тептарш тІехь: *Айхьа диначунна тІехь куьйгалла дан хІоттий иза.** ‡ *2:12 Забур 21:23.* ‡† *2:13 а: ЕшаІ-ЯхІу 8:17 (Грекийн); б: ЕшаІ-ЯхІу 8:18.* ‡‡ *2:16 ЕшаІ-ЯхІу 41:8, 9.*

‡‡† *3:2 Лелар 12:7.* ‡‡‡ *3:7-11 Забур 94:7-11 (Грекийн).* § *3:15 Забур 94:7, 8 (Грекийн).*

яьссачу арахь шаьш зуьйчу хенахь хамталла еш
ма-хиллара».
16 †Делан аз хезнехь а, хамталла йинарш муьлш
бара? Мусас Мисар-махкара массо а
арабаьхначарна юкъахь бацара уьш? 17 Хьанна
оьгIазвахана вара Дела шовзткъа шарахь? Къинош
а летийна, яьссачу арахь шайн даьIахкаш
охьаехкинчарна ваханерий те Иза оьгIаз? 18 Ла ца
доьгIначарна бен, кхин хьанна дуьхьал аьлла Дала,
уьш «синтем лур бу аьллачу метте кхочур бац»?
19 Иштта вайна го, шайн цатешар бахьана долуш,
Дала лучу синтеме уьш кхочург цахилар.

4 Дала, Ша синтем лун болчу метте кхачор ду
аьлла, йина чIагIо хIинца а йолуш ю, цундела
ларлойла вай шух цхьаъ тIаьхьа ца висийта.
2 Исраилхошна санна, вайна а бовзийтина Делан
*хаза кхаъ*. Амма иза хезначара цу тIе тешар ца
тоьхна, цундела царна пайда ца бина хазачу кхоо.
3 ††Цу хазачу кхоах тешна долу вай кхочур ду Дала
синтем лучу метте, хIунда аьлча Цо аьлла:
«Цундела Сайн оьгIазаллица Ас чIагIо йира,
синтем лур бу аьллачу метте кхочур бац уьш
аьлла».
Цо иза аьлла, дуьне кхолладеллачу хенахь
дуьйна Шен болх чекхбаьлла боллушехь. 4 ‡Делан
Йозанашкахь цхьана меттехь ворхIалгIачу дийнах
лаьцна иштта аьлла:
«Цу дийнахь, Ша мел динчу гIуллакхех паргIат а
ваьлла, Дала садаьIира».
5 ‡†Кхин а аьлла Цо хьалха хьахийначу меттехь:
«Синтем лур бу аьллачу метте кхочур бац уьш».
6 Иштта, цхьаберш Дала лучу синтеме кхочур бу,
ткъа хаза кхаъ хьалха хезна болу вуьш цига кхочур
бац, шаьш ла ца догIарна. 7 ‡‡Цундела Дала кхин
цхьа де билгалдаьккхина, ткъа цунах Цо олу
«тахана». Дуккха а хан яьлча, Даудехула Цо
аьллера, лакхахь аьлла ма-хиллара:
«Тахана, нагахь шуна Цуьнан аз хазахь,
дуьхьал ма довлалаш».
8 ‡‡†Нагахь санна ЮшаIа цу синтеме уьш
кхачийнехьара, кхечу дийнах хIумма а аьлла хир
дацара. 9 Делан халкъана ворхIалгIачу дийнан
синтем хIетте а буьсу. 10 ‡‡‡ХIунда аьлча Дала лучу
синтеме кхаьчнарг шен гIуллакхех паргIатваьлла,
Дела Шен гIуллакхех паргIат ма-валлара. 11 Иштта
оцу синтеме кхача хьовсур вай, цхьа а, вочу масалх
пайда а эцна, ла ца догIарна Делах ца къастийта.
12 Делан дош дийна а, ницкъ болуш а, шина агIор
ира долчу туьрал ира а ду. Иза вайна чукхочу, дагах
ойланаш а, даьIахкех тIум а дIа а къастош. Вайн
лаамашна а, дагахь долчунна а кхел йо цо. 13 Чохь
са долу хIума цхьа а яц Делах къайлаяьлла, дерриг
а ша ма-дарра схьадиллина ду Цуьнан бIаьргашна
хьалха. Цунна жоп лур ду вай.

### Iийса динан сийлахь коьрта Да ву

14 Стигалшка хьала а ваьлла, Дела волчохь волу
динан сийлахь коьрта Да, *Делан КIант* Iийса ву
вайн, цундела ваьш лелочу динехь леррина
лелийла вай. 15 ХIунда аьлча вайн *динан коьрта Да*
кхетар ву вайгара йийлинчу ледарлонех: Иза
лаьтта тIехь волчу хенахь, вай санна, массо а
тайпана зуьйш хилла, Цо къа ца латийнехь а.
16 Iийса вайн динан коьрта Да волу дела, вай
майрра Делан паччахьан гIантана улло даха йиш
йолуш ду, Цуьнгара къинхетам а, дика а схьаэца,
оьшучу хенахь ваьшна гIо дайтархьама.

5 Нахана юкъара хоржуш волу муьлхха а *динан
коьрта да* хIоттаво адамийн дуьхьа Далла
Iамал ян а, къинойх тайп-тайпана сагIанаш даха а.
2 Динан коьрта да хIума ца хуучу а, галбевллачу а
нахаца кIеда хила тарло, хIунда аьлча иза ша а ву
ледарлонийн карахь. 3 §Цундела нахана а, шена а
тIера даха деза цо сагIанаш шаьш летийначу
къинойх. 4 §†Цхьа а шен лаамца хIуттур вац динан
коьрта да. Дала тIекхайкхина хила веза иза,
АхIарон санна.
5 §††Иштта Дала леррина Къобалвинчо а Ша тIе ца
эцна динан коьрта да хиларан бакъо. Дала аьлла
Цуьнга:
«Хьо Сан КIант ву,
тахана Хьан Да хили Сох».
6 §‡Делан Йозанийн кхечу меттехь Дала боху:
«Гуттаренна а *динан да* ву Хьо
Малки-ЦIадакъин даржехь».
7 §‡†Лаьтта тIехь долчу Шен дахарехь Iийсас
чIогIачу белхарца а, бIаьрхишца а доIанаш а,
дехарш а дора Ша Iожаллех кIелхьарваккха йиш
Йолчуьнга. Далла дIахезира Цуьнан доIанаш,
хIунда аьлча Iийсан Деле болу ларам боккха бара.
8 Ша *Делан КIант* хиллехь а, ерриге а лайначу
халонашкахула Iемина Иза Далла муьтIахь хила.
9 Кхачаме хилла, дIахIоттийна вара Иза, гуттаренна
а кIелхьардовларан хьоста хилира Цунах Цунна
муьтIахь болчарна массарна а. 10 Малки-ЦIадакъин
даржехь волу динан коьрта да ву аьлла,
дIакхайкхийра Иза Дала.

### Динах юхавалархь ларвалар

11 Кхунах лаьцна кхин дуккха а дара дийца, амма
хала ду шуна иза тида, хIунда аьлча шу хIуманах
иштта меллаша кхета. 12 §†ХIинцале а хьехамчаш
хила дезаш дара шу, амма шуна юха а Iамо безаш
бу Делан дешан дуьххьарлера хьехамаш. Шуна
хIинца а шура оьшу, чIогIачу кхачанан метта.
13 ХIинца а шура юуш верг бакъдерг а, харцдерг а
къасторан хьехам бевзаш вац, хIунда аьлча иза
бер долу дела. 14 Делан дош довзарехь кхиъна
болчу нахана лерина бу чIогIа кхача. Гуттара а

† *3:16-18 Лелар 14:1-35.* †† *4:3 Забур 94:11.* ‡ *4:4 Доладалар 2:2.* ‡† *4:5 Забур 94:11.* ‡‡ *4:7 Забур 94:7, 8 (Грекийн).* ‡‡† *4:8 Карлабаьккхинарг 31:7; ЮшаI 22:4.* ‡‡‡ *4:10 Доладалар 2:2.*

§ *5:3 Iамалъяр 9:7.* §† *5:4 Арадаккхар 28:1.* §†† *5:5 Забур 2:7.* §‡ *5:6 Забур 109:4.* §‡† *5:7 Маттай 26:36-46; Марк 14:32-42; Лака 22:39-46.* §† *5:12, 13 1 Коринтхошка 3:2.*

шайн кхетамашца а, хьекъалца а лелаш, уьш Іемира дика а, вон а къасто.

6 Цундела Дала леррина Къобалвинчо хьехначух уггар аттаниг дита вай. Вайн ца деза кхин цкъа а хьехаман дух дІахІотто: къинах дІакъастарх а, Делах тешарх а болу хьехам, хих чекхдовларх а, тІе куьйгаш дахкарх а болу хьехам, веллачуьра денваларх а, гуттар а хин йолчу кхелах а болу хьехам. Тешарехь кхиинчарна лерина болчу хьехамна тІе сихлойла вай. 3 Вай иза дийр ду, Дала вайна магийтахь.

4 Йиш яц цкъа хазачу кхоан серло шайна тІе кхеттарш, стигаларчу совгІатан чам хиънарш, Делан Синан зовкх хьоьгуш дакъалаьцнарш, 5 Делан Дашо луш долу дика а, хин долчу дуьненан ницкъ а бевзинарш, 6 тешарх дІа а къаьстина, юха а Далла тІеберзо. Уьш дохкобовларан некъа тІе цхьаьнгге а б�халур бац, хІунда аьлча цара юха а жІарах дІатуху *Делан КІант*, массарна а хьалха Иза сийсаз а воккхуш.

7 Кест-кеста шена тІедогІуш долу догІа дІа а худуш, ша лелош волчунна ялта луш долу латта Дала декъалдеш ду. 8 †Ткъа баьІаш а, къух а бен шена тІехь ца кхуьу латта Дала неІалт кхайкхорна герга ду. Чаккхенехь иза цІаро дагор ду.

9 Иштта оха бахахь а, сан хьоменаш, тхо тешна ду шу дикачу новкъахь хиларх – и некъ кІелхьардовларна тІебоьду. 10 ХІунда аьлча нийса доцург дац Делехь. Цунна дицлур дац шун гІуллакхаш а, аша Цуьнан нахана тохара а, хІинца а гІодарца Цуьнга гайтина болу безам а. 11 Тхуна лаьара, шух хІораммо иштта шайн тІедирзина хилар шаьш чекхдовллалц гойтийла, шун сатийсамаш кхочушхилийтархьама. 12 Мало еш а доцуш, шайн тешарца а, собарца а лур ду аьлларг схьаоьцучарах шу тера хила лаьара тхуна.

### Делан ваІданаш хийцалург цахилар

13 ИбрахІимна Ша ваІда дечу хенахь, Дала Шех дуй буура, Шел лакхара цхьа а воцу дела. 14 ††Цо элира: «Аса хьо декъал а вийр ву, хьуна дуккха а тІаьхье а лур ю». 15 Собарца хьоьжуш а Іийна, Дала шена лур ду аьлларг схьаийцира ИбрахІима. 16 Наха шайл а доккхачу хІуманах дуй боу, цу дуйно, аьлларг чІагІ а дой, муьлхха а къовсам дІабоккху. 17 Цундела Дала а дуй биъна, Шен лаам хийцалур боцийла Ша ваІда динарг кхочун долчарна дІахаийта лууш. 18 Дала ваІда а дина, Цо дуй а биъна. И ши хІума хийцалур доцуш ду, Дала харцдерг дийца йиш йоцу дела. Цундела Дела волчу девдда дІадахана долу вай чІогІа иракарахІиттийна ду, Дала вайна еллачу дегайовхонна тІехь латтархьама. 19 ‡И дегайовхо вайн синна онда а, тешаме а зІе ю. Делан стигалийн цІа чохь йолчу кирхьанна тІехьа дІайоьду иза. 20 ‡‡Оцу езачу меттиге вайл хьалха Іийса вахана, Малки-ЦІадакъин даржехь гуттаренна а *динан коьрта да* а хилла.

### Веза Воккхачу Делан динан да Малки-ЦІадакъа

7 ‡‡Малки-ЦІадакъа Шалейм-гІалин паччахь а, Веза Воккхачу Делан *динан да* а вара. Паччахьашна тІехь толам а баьккхина, цІа вогІуш волчу ИбрахІимна дуьхьал а вахана, иза декъалвира Малки-ЦІадакъас. 2 Ша тІамехь мел даьккхинчух уьтталгІа дакъа цунна дІаделира ИбрахІима. Малки-ЦІадакъин цІе ши маьІна долуш ю: цкъа-делахь, «нийсонан паччахь», шолгІа-делахь «Шалейман паччахь», ткъа иза «машаран паччахь» бохург ду. 3 Делан Йозанаша хІумма а ца боху цуьнан дех а, ненах а, гергарчу нахах а, цуьнан дахаран доладаларх а, чаккхенах а лаьцна. *Делан КІант* санна, гуттаренна а *динан коьрта да* ву иза.

4 Шуна го, шен тоьллачу хІонсах уьтталгІа дакъа ИбрахІима делларг мел сийлахь ву. 5 ‡‡†Левин тІаьхьенах болчу динан дайн бакъо ю халкъера цуьнан пайданах уьтталгІа дакъа схьаэца, ИбрахІимах схьабевлла шайн вежарий уьш боллушехь. 6 Малки-ЦІадакъас, ша Левин тІаьхьенах вацахь а, ИбрахІимера уьтталгІа дакъа схьа а эцна, Дала чІагІо йина волу иза декъалвира. 7 Шеко яц цхьаъ декъалвеш верг ша декъалвечул а лакхара хиларан. 8 УьтталгІа дакъа схьаоьцуш берш дуьнен чохь бехаш а, леш а болу нах бу, ткъа Малки-ЦІадакъах – иза дийна ву аьлла. 9 Ала мегар ду, уьтталгІа дакъа схьаоьцуш волчу Левис ша а ИбрахІимехула и уьтталгІа дакъа делла. 10 ХІунда аьлча дуьнен чу валаза волу Леви шен ден ИбрахІиман цІийца вара, Малки-ЦІадакъа цунна дуьхьалвеача.

11 Левин тІаьхьенах болчу динан дайшкахула халкъо кхачамалла схьаоьцуш хилча (ткъа цуьнга хьаьжжина, товрат-хьехамаш халкъана дІабелла), Малки-ЦІадакъин даржехь кхин динан да стенна оьшура, АхІаронан даржехь а ца хуьлуш? 12 Динан дайн тайпа хийцалуш хилча, Далла гІуллакх муха дан деза дуьйцу хьехам а хийцабала безаш бу. 13 Вай Вуьйцург кхечу тайпанна юкъавогІуш ву, царах цхьа а сагІа доккхучу кхерчана уллохь гІуллакх деш ца хилла. 14 Хууш ду, вайн Веза Эла ЯхІудан тайпанах схьаваьлла хилар. Ткъа Мусас хІумма а ца аьлла цу тайпанах болчу динан дайх лаьцна.

### Малки-ЦІадакъин даржехь волу динан да

15 Иза кхин а чІогІа билгалдолу, Малки-ЦІадакъин даржехь кхин динан да гучуваьлча. 16 Адамийн схьадовлар муха хила деза гойтучу парзашца хилла вац Иза динан да, хедар доцучу дахаран

† *6:8 Доладалар 3:17, 18.* †† *6:14 Доладалар 22:16, 17.* ‡ *6:19 Іамалъяр 16:2.* ‡‡ *6:20 Забур 109:4.*

‡‡ *7:1, 2 Доладалар 14:17-20.* ‡‡† *7:5 Лелар 18:21.*

ницкъаца хилла ву. 17 †ХIунда аьлча Цунах лаьцна
иштта аьлла:
«Гуттаренна а динан да ву Хьо
Малки-ЦIадакъин даржехь».
18 Цхьана агIор хьалха тIедиллина хилла парз
дIадоккху, иза ледара а, пайден доцуш а хиларна,
19 (Мусас беллачу товрат-хьехамо цхьа а хIума
кхачамалла йолуш ма ца дерзийна), вукху агIор
хIинца вайна лучу дикачу сатийсамо вай Далла
гергахьа кхачадо.
20 Дала чIагIо ярца хилла ду и гIуллакх. Вуьш, цхьа
а чIагIо ца еш, динан дай хиллехь а, 21 ††Iийса чIагIо
ярца хилла, Цунах лаьцна иштта олуш хилча:
«Везачу Эло чIагIо йина,
ткъа цунна тIера юха ца волу Иза:
„Гуттаренна а динан да ву Хьо“».
22 Цунах гуш ду Iийса тоьллачу бертан закъалт
хилар.
23 Динан дай дукха а хилла, хIунда аьлча Iожалло
кхидIа шайн гIуллакх ца дойтура цаьрга. 24 Ткъа
Iийса гуттар а хиларна, динан дас санна Цо Далла
гIуллакх дар а хедар доцуш ду. 25 Цундела Шегахула
Далла тIевогIург Цуьнга кхоччуш кIелхьарваккхало,
хIунда аьлча Иза гуттар а дийна ву, Цо доIанаш
дийр ду Ша кIелхьарбохучарах.
26 Иштта динан коьрта да вайна оьшуш а ву: веза
а, бехк боцу а, цIена а, къинош летийначарах
дIакъастийна волу а, стигалал лакха
хьалаваьккхина волу а. 27 ‡Динан вукху коьртачу
дайн санна, хIора дийнахь цкъа хьалха Шена тIера,
юха нахана тIера сагIанаш даха ца деза Цуьнан,
хIунда аьлча Цо гуттаренна а цкъа даьккхина сагIа,
Ша дIа а велла. 28 Товрат-хьехамца динан коьрта
дай кху дуьненан нах хIиттабора, адамийн
ледарлонаш церан елахь а. Ткъа товрат-хьехамал
тIаьхьа еанчу дуйнан чIагIоно динан коьрта да
хIоттийра гуттаренна а кхачаме вина волу Делан
КIант.

### Вайн динан коьрта Да волу Iийса

8 ‡†Вай дуьйцуш долчунна юкъахь коьртаниг
хIара ду: стигалшкахь Веза Воккхачун гIантана
аьтту агIор Iаш *динан коьрта Да* ву вайн. 2 Адамо
дина а доцуш, Везачу Эло динчу Делан бакъдолчу
четар чохь динан коьрта Да ву Иза.
3 Динан муьлхха а коьрта да тайп-тайпана
сагIанаш даха дезаш ву, цундела вайн динан
коьртачу Ден а хила деза сагIина схьадан хIума.
4 ХIинца Иза лаьтта тIехь вехаш хилча, Иза *динан
да* хир вацара, хIунда аьлча кхузахь болуш бу,
товрат-хьехамо ма-бохху, сагIанаш дохуш болу
динан дай. 5 ‡‡Цара Далла деш долу гIуллакх
кхузарчу четар чохь бен ца хуьлу ‡‡†. И четар
стигалахь долчун кепах тера бен дац, цуьнан
IиндагI бен дац. Ткъа Мусага аьлла дара, иза *Делан
четар* дан волавелча: «Ларлолахь, хьайна лам тIехь
гайтинчун кепах тера делахь дерриг а». 6 Кхечу
динан дайшка деллачул а Iийсага делла динан
гIуллакх лакхара хиларе терра, Цуьнан
юкъарлонца Делаца бина *керла барт* а ширачу
бартал гIолехь бу, иза тоьллачу чIагIонашна
тIехIоттийна болу дела.
7 Нагахь санна хьалха бина барт кхачамбацар
доцуш хиллехьара, шолгIаниг оьшур а бацара.
8 ‡‡‡Амма, нахана бехк а буьллуш, пайхамаро боху:
«ТIекхочуш ду денош, – боху Везачу Эло, –
Аса Исраилан цIийнаца а,
ЯхIудан цIийнаца а
керла барт бен долу.
9 Церан дай, куьг а лаьцна, Мисар-махкара
арабохучу хенахь,
Аса цаьрца бина барт санна хир бац иза.
ХIунда аьлча цара и Сан барт лар ца бира,
цундела со дIавирзина царна тIера, – боху Везачу
Эло.
10 Иштта барт бийр бу Аса Исраилан халкъаца,
хIара денош дIадевлча, – боху Везачу Эло. –
Айса тIедуьллург церан кортош чу дуьллур ду,
церан дегнаш тIехь яздийр ду Аса.
Со церан Дела хир ву,
ткъа царах Сан халкъ хир ду.
11 ХIораммо а шен уллорачунна а,
шен вешина а хьоьхур дац:
„Веза Эла вовза“, – бохуш.
ХIунда аьлча массарна а,
хьалдолчунна тIера
къечунна тIекхаччалц,
Со вевзар ву.
12 Цаьргара даьллачу вочунна Со къинхетаме хир
ву,
церан къинош кхин дагадоуьйтур дац Аса».
13 Цу бартах «керланиг» а аьлла, хьалха хилларг
шира хилар гайтина Цо, ткъа ширделларг кестта
дIадолу.

### Лаьтта тIехь а, стигалахь а Далла Iамалъяр

9 Хьалха бинчу бертан Далла Iамалъяран
бакъонаш а, лаьтта тIехь долу *Делан цIа* а
дара. 2 §Дина, дIахIоттийнера деза четар. Цуьнан
хьалхарчу, «еза чоь» олучу декъехь стогар а,
даздина баьпкаш тIехь долу стол а яра. 3 §†ШолгIачу
декъехь кирхьанна тIехьа «уггар еза чоь» цIе йолу
чоь яра. 4 §†† *Хаза хьожа йогIу хIума* яго дашо кхерч
а, гонах деши лаьцна бартбаран тIорказ а дара цу
чохь. ТIорказна чохь кхачанийн буьртигаш чохь
долу дашо пхьегIа а, маргIалш хецна хилла йолу

† *7:17 Забур 109:4.* †† *7:21 Забур 109:4.* ‡ *7:27 Iамалъяр 9:7.* ‡† *8:1 Забур 109:1.* ‡‡ *8:5 Арадаккхар 25:40.* ‡‡† *...кхузарчу четар чохь бен ца хуьлу *– я иштта: *Цара Далла деш долу гIуллакх кхузарчу гIирсашца бен ца хуьлу. Уьш стигалахь долчун кепах тера бен дац, церан IиндагI бен дац.** ‡‡‡ *8:8-12 Ярми-ЯхIу 31:31-34 (Грекийн).* § *9:2 а: Арадаккхар 26:1-30; б: Арадаккхар 25:31-40; ц: Арадаккхар 25:23-30.* §† *9:3 Арадаккхар 26:31-33.* §†† *9:4 а: Арадаккхар 30:1-6; б: Арадаккхар 25:10-16; ц: Арадаккхар 16:33; д: Лелар 17:8-10; э: Арадаккхар 25:16; Карлабаьккхинарг 10:3-5.*

АхIаронан Iаса а, бартбаран экъанаш а яра.
5 †ТIорказна тIехула тIемаш а даржийна, къинош
дIадохучу меттехь сийлаллин *каруб-маликаш* дара
лаьтташ. ХIинца и дерриг а ма-дарра дуьйцийла яц
вайн. 6 ††Цу кепара динчу четаран хьалхарчу цIа чу
Далла Iамал ян динан дай боьлху гуттар а.
7 ‡ШолгIачу цIа чу шарахь цкъа *динан коьрта да*
воьду. Цо шеца цIий дахьа деза чувоьдуш, шена а,
халкъо ца хууш летийначу къиношна а тIера
даькхина долу. 8 Цу хIуманца Делан Сино гойту
*Делан четар* чу боьду некъ схьабиллина цахилар,
хьалхара четар лаьтташ мел ду. 9 И четар
хIинцалерчу заманан билгало ю: совгIаташа а,
сагIанаша а Далла Iибадат дечун дог цIандан ца
тарло, 10 уьш даарш а, маларш а кхехьарца а,
дегIан меженаш тайп-тайпана йиларца а доьзна
бен цахиларна. И дерриг а парзаш, Дала массо а
хIума нисдаран зама тIеяллалц, тIедиллина дара.
11 *Дала леррина Къобалвинарг* веара, хIинца
хуьлучу диканийн динан коьрта да а волуш.
Адамаша дина а доцуш, тоьллачу а, сов кхачаме а
долчу четарх чекхвелира Иза (и четар кху
дуьненара дац). 12 Гезарийн а, эсийн а цIий доцуш,
Шен цIий а Iанийна, цкъа Делан цIийнан уггар
езачу чоьнна чу а вахана, гуттаренна а вайна
паргIатдовлар даькхина Цо. 13 ‡‡Нагахь эсийн а,
гезарийн а цIийно а, дагийначу шинарин чимо а,
шайна уьш тIетоьхча, товрат-хьехамаша ма-бохху,
бехбинарш цIанбеш хилча, 14 цхьа а къа латийна
воцучу, гуттар а долуш долчу Синехула Ша Далла
цхьа а томмагIа доцучу сагIина дIавеллачу Дала
леррина Къобалвинчун цIийно мел чIогIа
цIандийр ду вай Iожалла тIейоуьйтучу гIуллакхех,
дийна волчу Далла лерина вайга Iамал
яйтархьама.
15 Цундела Дала леррина Къобалвинарг Дала
нахаца бинчу керлачу бертан Юкъарлонча ву,
хьалхара барт бинчу хенахь наха летийна къинош
дIадаха Цо тIеэцна Iожалла бахьана долуш, Дала
лур ду аьлла дакъа нахе кхачийтархьама.
16 Нагахь весет ‡‡ делахь, иза диначун кхалхар а
дIагайта дезаш ду, 17 хIунда аьлча весет стаг
веллачул тIаьхьа бен лелош дац. Иза бакъо йолуш
дац, нагахь весет динарг дийна велахь. 18 Цундела
хьалха бина барт а цIийца чIагIбина бара.
19 ‡‡†Товрат-хьехам тIера парзаш дерриг а халкъана
хьалха дIа а дешна, хица эдина долу эсийн а,
гезарийн а цIий а, цIен тIаргIа а, ярийн курс а, схьа
а эцна, товрат-хьехаман тептарна а, халкъана а тIе
цинцаш туьйхира Мусас. 20 Цо элира: «Дала
кхочушбе аьллачу бертан цIий ду хIара». 21 ‡‡‡Иштта
Делан четарна а, Далла Iамал ечу хенахь мел
лелочу пхьегIашна а тIе цIийн цинцаш туьйхира
цо. 22 §Товрат-хьехаме хьаьжжина, дерриг а ала
мегар долуш хIума цIийца цIандеш ду, цIий ца
Iанийча, гечдар ца хуьлу.

### Дала леррина Къобалвинчун сагIано къа дIадоккху

23 Стигалахь долчух тардина кхоьллинарг иштта
цIандан деза. Ткъа стигалахь дерг ша а хIоккхарал а
тоьллачу сагIанашца цIандан деза. 24 ХIунда аьлча
Дала леррина Къобалвинарг билггала долчу уггар а
Дезачух тардеш адамийн куьйгаша динчу Делан
цIа чу ца вахана, ткъа стигала хьалаваьлла, хIинца
вайн дуьхьа Далла хьалха хIотта. 25 Дукхазза а Ша
сагIина дIавала ца ваьлла Иза стигала хьала, хIора
шарахь а шен доцу цIий а оьций, Делан цIийнан
уггар езачу чоьнна чу воьду динан коьрта да
санна. 26 Иза иштта хилча, дуьне кхоьлличхьана а
дуьйна дукхазза а бала хьега дезар дара Дала
леррина Къобалвинчун. Ткъа Иза тIаьхьарчу
заманахь цкъа веана Шех даькхинчу сагIанца
адамийн къа дIадаккха. 27 ХIора адамна, цкъа вала
а велла, юха кхелана хьалха хIоттар тIехь ма-
хиллара, 28 §†иштта Дала леррина Къобалвинчо а
Ша цкъа сагIина дIавелла хилла, дуккха а адамийн
къинош Шена тIеэцархьама. Ткъа Иза шолгIа,
къинош дIадаха а ца вогIуш, Шега сатуьйсуш
болчеран дуьхьа кIелхьардахар тIеэцархьама
вогIур ву.

### Iийсас даькхина долу цхьа сагIа гуттаренна а хилар

10 Товратан хьехамаш хин долчу диканийн
IиндагI ду, церан билггал долу васт а доцуш.
Цундела хIора шарахь гуттар а дохучу
сагIанашкахула цу товрат-хьехамийн Далла
гергабогIу нах кхоччуш хилийта ницкъ ца кхочу.
2 Кхечу тайпана хилча, цара и сагIанаш дохур
дацара, хIунда аьлча цкъа къинах цIан а белла,
кхин шайн къинош туосалур дацара царна. 3 Амма
сагIанаш дахарца хIора шарахь а къинош
дагадохкуьйту. 4 ХIунда аьлча стерчийн а,
бежалойн а цIийно къинош дIадохур дац.
5 §††Цундела дуьнен чу вогIучу хенахь Дала
леррина Къобалвинчо элира:
«СагIанаш а, совгIаташ а ца дийзи Хьуна,
амма Суна дегI кечди Ахьа.
6 Дийнаташ дагоран а,
къинойх долу а сагIанаш ца тайна Хьуна.
7 ТIаккха Ас элира: „Хьажахьа, со кийча ву,
товрат-хьехамийн тептар тIехь суна лерина
яздина ду.
Хьан лаам кхочушбан вогIу Со, Дела“».
8 Цкъа хьалха Цо боху: «Я сагIанаш а, совгIаташ а,
я дийнаташ дагоран а, къинойх долу а сагIанаш а
Хьуна деза а ца дийзи, тан а ца тай» (товрат-
хьехамаша иза тIедуьллуш делахь а). 9 Цул тIаьхьа
Цо тIетуху: «Хьан лаам кхочушбан вогIу Со».

† *9:5 Арадаккхар 25:18-22.* †† *9:6 Лелар 18:2-6.* ‡ *9:7 Iамалъяр 16:2-34.* ‡† *9:13 а: Iамалъяр 16:15, 16; б: Лелар 19:9, 17-19.* ‡‡ *Весет *– Грекийн маттахь «барт» а, «весет» а бохучу дешнийн маьIнех лелаш цхьа дош бен дац.** ‡‡† *9:19, 20 Арадаккхар 24:6-8.* ‡‡‡ *9:21 Iамалъяр 8:15.* § *9:22 Iамалъяр 17:11.* §† *9:28 ЕшаI-ЯхIу 53:12.* §†† *10:5-7 Забур 39:7-9 (Грекийн).*

Хьалхарниг дIадоккху Цо шолгIаниг чIагIдархьама.
10 Оцу лаамца даздина ду вай, Дала леррина
къобалвинчу Iийсан дегI цкъа гуттаренна а сагIина
даларна.
11 †Муьлхха а *динан да* хIора дийнахь Далла Iамал
еш ву, цкъа а къинош дIадахалур доцу цхьатерра
сагIанаш мосуьйттазза а дохуш. 12 ††Ткъа Иза,
гуттаренна а къинойх цхьа сагIа а даькккхина,
Далла аьтту агIор охьахиъна ‡, 13 Шен когашка Шен
мостагIий Дала охьабахккалц, хьоьжуш. 14 Цкъа
даькккхинчу сагIанца Цо гуттаренна а кхачаме бина
базбеш берш.
15 Цунах лаьцна Делан Сино а тоьшалла до вайна
кху дешнашца:
16 ‡†«Иштта барт бийр бу Аса цаьрца,
хIара денош дIадевлча, – боху Везачу Эло. –
Айса тIедуьллург церан дегнаш чу дуьллур ду,
церан кортош тIехь яздийр ду Аса».
17 ‡‡ТIаккха Цо тIетуху: «Церан къинош а,
харцонаш а кхин дага а йохкуьйтур яц Аса». 18 Ткъа
къиношна гечдина хилча, царах сагIанаш даха
кхин ца оьшу.

### Далла гергакхача дезар

19 Иштта, вежарий, Iийсан цIий бахьана долуш
Делан стигалахь йолчу цIийнан уггар езачу чоьнна
доьналла долуш чудаха аьтто бу вайн. 20 Iийсас,
Шен дегI сагIина дIадаларца, керла некъ
схьабиллина вайна цига. Дийна волу Iийса Ша бу и
некъ, ткъа и некъ Делан цIийнан уггар езачу
чоьнна дуьхьал оьллина долчу кирхьанах
чекхболуш бу. 21 Иштта, сийлахь *динан коьрта да*
стигалахь долчу Делан цIенна тIехь хIоттийна ву
вайн. 22 ‡‡†ЦIеначу дагаца, чIогIачу тешарца Далла
гергахьа кхочийла вай, цинцаш тохарца вайн
дегнаш бехк тIелацарх цIан а дина, вайн догIмаш
цIеначу хица а дилина. 23 Ваьш сатуьйсург чIогIа
лардан деза вай, хIунда аьлча *ваIда* Динарг тешаме
ву. 24 Вовшийн терго йойла вай, безамна а, дикачу
гIуллакхашна а ваьш иракара а хIиттош. 25 Вешан
гуламаш дIатосуш ма хуьлийла вай, цхьаболчара
иза ма-дарра. Цул а вовшашна гIо дойла вай,
Везачу Элан де гергакхочуш хилар шайна мел ги,
алсам а деш.
26 Вай, бакъдолчух дерг а хиъна, къинош ма-луъу
летош хилча, къинах даккха сагIа кхин ма ца дуьсу
вайн. 27 ‡‡‡Дуьсург цхьаъ ду: хинйолу кхел а, Делан
мостагIий дIакхоллу йолу цIе а тIеяре кхерамца
хьежар. 28 §Муса-пайхамаран товрат-хьехамаш
талхийнарг къинхетам боцуш вуьш ву, нагахь шиъ
я кхоъ теш велахь. 29 §†Ойла ел, мел чIогIа таIзар
дийр ду *Делан КIант* емалвинчунна, Делаца бина
барт чIагIбина а, ша вазвина а долчу цIийн дозалла
ца лериначунна, маьхза дика луш долу Делан Са
сийсаздинчунна? 30 §††Вайна хаьа, хIара дешнаш
Хьан аьлла:
«Бекхам Соьгахь бу, Ас хьакъ дерг дIалур ду».
Кхин а:
«Везачу Эло Шен халкъана кхел йийр ю».
31 Мел кхераме ду дийначу Делан буйна вахар!
32 Дагадахкийта шайн хьалхалера денош, Дала
шуна серло еллачул тIаьхьа, шу, чIогIа баланаш а
лайна, чекхдевлира. 33 ЦкъаццIа шу а сийсаздарца
я ницкъ барца нахана хьалха дIахIиттош хилла.
ЦкъаццIа шаьш санна ницкъ ловш цхьаьна бала
хьоьгуш хилла шу. 34 Чубоьхкинчу нахах къахеташ
а хилла шу, шайн долахь дерг дIадаькккхича,
хазахеташ а лелла шу, хIунда аьлча шуна хаьара
стигалахь дикаха а, цкъа а дIаер йоцу а хазна шайн
юйла. 35 Иштта шайн доьналлех ма доха, хIунда
аьлча цунах шуна доккха совгIат лур ду. 36 Шуна
собар оьшу, Делан лаам кхочуш а бина, шайна лур
ду аьлларг схьаэца. 37 §‡ХIунда аьлча:
«Йиснарг кIезиг хан бен ма яц,
тIаккха и ван везаш верг вогIур ма ву –
иза хьелур вац.
38 Амма Аса бакъвинарг Сох тешарца вехар ву,
ткъа иза юхавалахь, Со цунна реза хир вац».
39 Юха а девлла, хIаллакхьхуьлучарах дац вай,
тешарца кIелхьардохучарах ду.

### Тешарх лаьцна

11 Тешар сатуьйсуш долчунна тIехь латтар а, ца
гуш долчух шеко йоцуш хилар а ду. 2 Церан
тешар хиларна, Дала хастийна хьалхалерчу
заманахь баьхнарш.
3 §‡†Тешар хиларна, вай кхета дуьне Делан дашца
кхоьллина хиларх, иштта гуш дерг цагучух
схьадаьлла хиларх.
4 §†Тешар хиларна, Хьабула Кхаима чул тоьлла
сагIа даькккхира Далла. Цуьнан тешар бахьана
долуш Дала, Хьабула деана совгIаташ схьа а эцна,
иза Шен лаамехь хиларан тоьшалла дира. Хьабул
кхелхинехь а, шен тешар хиларна, къамел деш ву
иза хIинца а.
5 §‡Тешар хиларна, валар хIун ду ца хууш, стигала
хьалаваькккхина ХIанох: «...иза ца карийра, Дала
иза дIаэцна дела». ХIанох дIаэцале, Дела цунна
реза ву аьлла, тоьшалла до Делан Йозанаша.
6 Тешар ца хилча, Дела реза войла дац. Далла
тIевогIуш верг теша веза Иза хиларх а, Цо Ша
леррина лоьхучунна совгIат луш хиларх а.
7 §§†Тешар хиларна, цу хенахь хIинца а ган йиш
йоцуш долу хIума Дала шега хаийтича, Нохьас,
Деле болчу ларамах вуьзна, хинкема дира, шен

† *10:11 Арадаккхар 29:38.* †† *10:12, 13 Забур 109:1.* ‡ *Я иштта: *Ткъа Иза, къинойх цхьа сагIа а даькккхина, Далла аьтту агIор охьахиъна гуттаренна а.** ‡† *10:16 Ярми-ЯхIу 31:33.* ‡‡ *10:17 Ярми-ЯхIу 31:34.* ‡‡† *10:22 Iамалъяр 8:30; Яхьазкхиал 36:25.* ‡‡‡ *10:27 ЕшаI-ЯхIу 26:11 (Грекийн).* § *10:28 Карлабаькккхинарг 17:6; 19:15.* §† *10:29 Арадаккхар 24:8.*

§†† *10:30 а: Карлабаькккхинарг 32:35; б: Карлабаькккхинарг 32:36.* §‡ *10:37, 38 Хьабукъа 2:3, 4 (Грекийн).* §‡† *11:3 Доладалар 1:1; Забур 32:6, 9; Яхьъя 1:3.* §† *11:4 Доладалар 4:3-10.* §‡ *11:5 Доладалар 5:21-24 (Грекийн).* §§† *11:7 Доладалар 6:13-22.*

доьзал кIелхьарбаккхархьама. И тешар хиларна, цо
дуьненна кхел йира, ткъа ша Делан лаамехь верг
хилира: тешарехула Шена хьалха бакъвина
хиларан тIаьхьало елла цунна Дала.
8 †Тешар хиларна, Дала шена тIедиллинарг
кхочушдеш, шен дола доккхур ду аьллачу лаьтта
тIе вахара ИбрахIим. Ша стенга воьду а ца хууш,
дIавахара иза. 9 ††Шен тешар хиларна, шена лур ду
аьллачу лаьтта тIехь Iийна иза, тIевеана стаг
хийрачу махкахь санна. Четарш чохь Iийна иза,
цуьнца цхьатерра ваIданех тешна волу Исхьакх а,
Якъуб а ма-Iарра. 10 Дела суртдилларxо а,
гIишлоярхо а волуш, ондачу бух тIехь гIала схьаяре
хьоьжуш Iара ИбрахIим.
11 ‡Тешар хиларна, шен зуда Сарат доьзалхо
хуьлуш яцахь а, ша ханна воккха воллушехь, да
хиларан хьуьнар тIеийцира ИбрахIима ‡†, хIунда
аьлча цунна хаьара, Дала Ша аьлларг
кхочушдойла. 12 ‡‡Цундела цхьа ког коша а бахана
волчу стагах схьабевлла, стигалара седарчий а,
хIордан берда тIера гIум а санна, дукха нах.
13 ‡‡†Уьш берриге а, тешар а долуш, белла, лур ду
аьлларш схьа а эцаза. Амма царна и хIуманаш
геннахь гина, уьш царах баккхийбеш хилла. Цара
шайх лаьцна аьлла, шаьш девлла леларш а,
тIедаьхкина нах а ду лаьтта тIехь. 14 Иштта шайх
лаьцна бохучара шаьш чубогIу болу мохк шаьш
лоьхуш хилар гойту. 15 Нагахь церан дагахь шаьш
дIатесна даймохк хиллехьара, церан хан яра цига
юхадерза. 16 Амма уьш тоьллачу даймахке сатесна
бу – стигаларчу даймахке. Цундела, наха Ша церан
Дела ву аьлча, Далла эхь ца хета: Цо царна гIала
кечйина.
17 ‡‡‡Тешар хиларна, ИбрахIима, ша зийча, сагIа
даккха Исхьакх валийна. Шена лур ду аьлларш
тIеэцнехь а, шен цхьаъ бен воцу кIант сагIина
дIавала резахилла иза. 18 §Цу кIантах лаьцна аьлла
хилла: «Исхьакхах хир ю хьан тIаьхье».
19 ИбрахIимна дагахь дара, Делан ницкъ бу велларг
а денван аьлла – ткъа цо шен кIант веллачуьра
санна схьаийцира.
20 §†Тешар хиларна, Исхьакха декъалвира Якъуб а,
Iесав а, церан хиндолчуьнга хьаьжжина.
21 §††Тешар хиларна, ша леш, Якъуба декъалбира
Юсупан кIентий, шен Iасанна тIе а вазлуш, Далла
Iамал йора цо.
22 §‡Тешар хиларна, Юсупа, ша лечу хенахь,
исраилхой Мисарара арабевр бу аьлла а дийцира,
шен даьIахкех весет а дира.
23 §‡†Тешар хиларна, Муса вича, цуьнан дас-нанас
кхаа баттахь лечкъош лелийра иза, хIунда аьлча
царна гора бер хаза хилар. Паччахьан омранах
кхера ца белира уьш.
24 §†Тешар хиларна, ша воккха хилча, пирIунан
йоIан кIант ву ала дуьхьал хилира Муса. 25 Делан
халкъаца халонаш лан резахилира иза, йоццачу
ханна долу къилахь самукъадалар лелочул. 26 Дала
леррина Къобалвинчун сийсазвар шена доккхаха
хьал лерира Мусас Мисар-мехкан хазнел а. Иза
шена лун долчу совгIате хьоьжура.
27 Тешар хиларна, Мисар-мохк дIатесна цо,
паччахьан оьгIазаллех а ца кхоьруш, хIунда аьлча,
ца гуш Волчуьнга хьоьжуш санна, доьналла долуш
вара иза. 28 §‡Тешар хиларна, нахе Пасахьан деза де
кхочушдайтира цо, цIийн цинцаш неIаран гурашна
тIе а деттийтира цо, исраилхойн дуьххьара хилла
бераш мулкалмоте хIаллак ца дайта.
29 §§†Тешар хиларна, лаьтта тIехула санна, ЦIечу
хIорда чухула дехьабевлира уьш. Изза дан
гIоьртина мисархой хи буха бахара.
30 §§‡Тешар хиларна, Ерихон-гIалин пенаш
охьаийгира, исраилхоша царна ворхI дийнахь
гонаш даьхча. 31 §§§Тешар хиларна, Далла муьтIахь
боцучу кхечу нахаца хIаллак ца хилира гIалане
хьовса къайлаха баьхкина исраилхой тIелаьцна
йолу, нахаца лела Рахьаб.
32 18Кхин хIун эр дара ас? Хан тоьар яц суна
ГадIанах а, Баракхах а, Шамшонах а, Яптахьах а,
Даудах а, Шамъалах а, пайхамарех а лаьцна дийца.
33 19Тешар хиларна, пачхьалкхашна тIехь толамаш а
бохуш, нийсо а лелайойтуш, Дала лур ду аьлла
хIуманаш схьа а оьцуш, лоьмийн баганаш дIа а
къовлуш, 34 буьрса цIе а йойуш, ирачу туьрах
кIелхьар а довлуш, гIелделча, дегIе ницкъ а богIуш,
тIамехь онда а хуьлуш, мостагIийн эскарш а
лохкуш, хилла уьш. 35 20Тешар хиларна, зударша
шайн делла бераш, ден а луш, схьаоьцуш хилла.
Цхьаберш, ницкъ а беш, бойуш хилла, амма цара
паргIато схьаоьцуш ца хилла, тоьллачу дахарехь
шайн дендалар хилийтархьама. 36 21Кхечара
сийсаздар а, еттар а, буржалш а, набахти а лайна
шайна тIехь. 37 22Царна тIулгаш а кхуьссура, уьш
херхашца хеда а бора, таррашца байа а бойура.
Чудаха цIа а доцуш, уьстагIийн а, гезарийн а
кхекхий а хьерчийна, лелла уьш, халонаш а,
баланаш а, наха шайна беш болу ницкъ а ловш.
38 Дерриг а дуьненал лакхара болу уьш яьссачу
аренашкахула, лаьмнашкахула, хьехашкахула,
Iаннашкахула бевлла лелара.

† 11:8 Доладалар 12:1-5. †† 11:9 Доладалар 35:27. ‡ 11:11 Доладалар 18:11-14; 21:2. ‡† Цхьадолчу тептарш тIехь: *Тешар хиларна, доьзалхо хуьлуш яцахь а, ша ханна йоккха йоллушехь, бер даран хьуьнар тIеийцира Сарата.* ‡‡ 11:12 Доладалар 15:5; 22:17; 32:12. ‡‡† 11:13 Доладалар 23:4; 1 Шерашкахь 29:15; Забур 38:13. ‡‡‡ 11:17 Доладалар 22:1-14. § 11:18 Доладалар 21:12. §† 11:20 Доладалар 27:27-29, 39, 40. §†† 11:21 а: Доладалар 48:1-20; б: Доладалар 47:31 (Грекийн). §‡ 11:22 Доладалар 50:24, 25; Арадаккхар 13:19.

§‡† 11:23 а: Арадаккхар 2:2; б: Арадаккхар 1:22. §† 11:24 Арадаккхар 2:10-12. §‡ 11:28 Арадаккхар 12:21-30. §§† 11:29 Арадаккхар 14:21-31. §§‡ 11:30 ЮшаI 6:12-21. §§§ 11:31 а: ЮшаI 6:22-25; б: ЮшаI 2:1-21. 18 11:32 а: Куьйгалхой 6:11–8:32; б: Куьйгалхой 4:6–5:31; ц: Куьйгалхой 13:2–16:31; д: Куьйгалхой 11:1–12:7; э: Шамъал 16:1 – Сулим 2:11; ф: Шамъал 1:1–25:1. 19 11:33 Даниал 6:1-27. 20 11:35 Сулим 17:17-24. 21 11:36 Сулим 22:26, 27; 2 Шерашкахь 18:25, 26; Ярми-ЯхIу 20:2; 37:15; 38:6. 22 11:37 2 Шерашкахь 24:21.

[39] Тешар хиларна, Делера баркалла хилла царна,
амма лур ду аьлларг схьа ца эцна цара. [40] Дала
вайна цхьа тоьлла хIума билгалдаьккхинера, уьш
вайца цхьаьна бен кхачаме ца хилийтархьама.

### Дела Да ву

12 Цундела, гонах тешийн бIо хиларна, ваьшна
тIера массо а новкъарло а, ваьшна гонах
хьаьрчаш долу къа а дIадоккхийла вай. Доьналла а
долуш, ваьшна хьалха хуьлучу къийсаман
новкъахула дIадовдийла вай, [2] тешар кхоьллина а,
кхочушдина а волчу Iийсана тIе а хьоьжуш. Цо
Шена хин долчу хазахетаран дуьхьа жIара тIехь
валар лайра, эхь тIе дар тергал а ца деш, нехан
кхардам тидаме а ца оьцуш. Ткъа хIинца Иза Делан
паччахьан гIантана аьтту агIор, баьрччехь, хиъна
Iаш ву.
[3] Къинош летийначу нахера сел чIогIа къизалла
Лайначун ойла ел аш, шаьш доьналла доцуш ца
диса а, дог эшна ца хилийта а. [4] Къинна дуьхьал а
девлла, цIий Iаннол чIогIа латар ца хилла шун
хIинца а. [5] †Делан кIентий долчу шуьга, шу
иракарахIиттош, аьлла дешнаш диц-м ца делла
шуна?
«Сан кIант, Везачу Эло хьо нисварх ца вешаш ма
хила,
Цо хьайна дечу таIзарна гIайгIане а ма вожа.
[6] ХIунда аьлча Шена везаш верг, таIзар а деш,
нисво Везачу Эло.
Ша тIеоьцуш волчу кIантана етта а етта Цо».
[7] Шаьш нисдеш долу таIзар ла, хIунда аьлча оцу
таIзар даро гойту, Далла шу кIентий санна хетар.
ХIунда аьлча дас нисдеш долу таIзар даза кIант хир
а вуй? [8] Ткъа массо а кIантана деш долу таIзар шуна
деш дацахь, шу кIентий дац, шу къотIалгIадина
бераш ду. [9] Нагахь вайна таIзар деш болу дуьнен
чуьра дай вай лоруш хилча, синойн Дена кхин а
чIогIа муьтIахь хила ца деза вай, дахар
хилийтархьама? [10] Вукхара шайна дика хетачу агIор
кIезигчу ханна таIзар дора вайна, ткъа Кхо – вайна
пайда хилийта, вайга Шен возаллехь дакъа
лацийта до. [11] Караргчу хенахь муьлххачу а таIзаро
самукъадалар ца дахьа, сингаттам бен. Делахь а
тIаьхьа цуьнгахула нисбеллачара машаре а, Делан
лаамехь а долчу дахаран стом буур бу.

### Хьехамаш а, лардарш а

[12] ††Цундела хьалаайа шайн охьадахана куьйгаш,
чIагIъе шайн малъелла голаш. [13] ‡Нийсачу
новкъахула лела, астагIа лелхарш гал ца бовлийта,
мелхо а тобалийта.
[14] Массо а адамца машаре хила, ткъа Далла
гергахь цIена хила хьовса. ЦIеналла ца хилча,
цхьанна а Веза Эла гур вац. [15] ‡†Къаьсттина тидаме
хила шайна юкъара цхьаъ Делан диканах дIа ца
къастийта, «къаьхьачу орамех дIаьвше маргIал
хьала а даьлла, цуьнга дуккха а нахана зен ца
дайта». [16] ‡‡Шуна юкъахь, боьха хIуманаш лелош а,
Iесаваьлла а стаг ца хилийта, Iесав санна, цкъа
юучу хIуманах хьалха дуьнен чу ваьллачун бакъо
дIалуш. [17] ‡‡†Шуна хаьа, цул тIаьхьа Iесавана лиира
дас ша декъалван, амма иза дIатесна хилира.
Цуьнга хIумма а ца хийцаделира, воьлхуш, цо
дехарш дича а.
[18] ‡‡‡Шу герга ца даьхкина куьг Iоттал уллохь
болчу а, цIе летта богучу а ламанна а, Iаьржачу
боданна а, чIогIачу махана а, [19] локхучу маIан
озана а, деш долчу къамелана а. И къамел
хезачара дехарш дора, кхин шайга дош ма
алахьара бохуш. [20] §ХIунда аьлча цаьрга лан ца
лора шайна тIедожош дерг: «Нагахь хьайба а
ломах дIахьакхалахь, цунна тIулгаш кхисса деза,
иза хIаллакьхиллалц». [21] §†Царна гуш дерг сел
буьрса хиларна, Мусас ша а элира: «Со кхоьруш а,
вегош а ву».
[22] Амма шу тIедахана Цийон-ламанна, дийначу
Делан гIала йолчу стигаларчу Ярушалаймана,
эзарнаш маликийн [23] самукъанечу гуламна,
стигалшкахь цIераш дIаязйинчу Делан
дуьххьарчеран леррина болчу гуламна, массеран
Кхелахо волчу Далла, кхачамалле кхаьчначу Делан
лаамехь болчеран синошна, [24] §††керлачу бертан
Юкъарлонча волчу Iийсана, Хьабулан цIийнал а
дика кхаъ буьйцуш долчу, тIехьорсучу цIийн
цинцашна.
[25] §‡Хьовсалаш, къамел Дечуьнгахьара дIа ма
дерзалаш. Нагахь, Лаьтта тIехь къамел дечуьнга ла
а доьгIна, уьш а кIелхьара ца бевллехь, вай
муххале а кIелхьардевр дац, стигалара къамел
Дечуьнгахьара дIадерзахь. [26] §‡†Цу хенахь Цуьнан
озо Латта дегийра, ткъа хIинца Цо боху: «Ас кхин
цкъа а, Латта дегийна ца Iаш, стигал а егор ю».
[27] «Кхин цкъа а» бохучу дешнаша гойту дегалуш
дерг (и ду кхоьллинарг) дIадаккхар, ца дегалуш
дерг дисийтархьама.
[28] Цундела вай, егалур йоцу пачхьалкх тIеоьцу
ерш, Далла баркалла олуш хила деза. Баркалла а
долуш, Цунна товш йолчу кепара Далла Iамал ян
еза вай, ларамах дуьзна а, кхоьруш а долуш,
[29] §†хIунда аьлча «вайн Дела массо а хIума
дIахьулъеш йолу цIе ю».

### Дела реза муха вийр ву вай

13 Шайн динан вежаршка болу безам даим
латтабе. [2] §‡Хьаша тIеэцар а диц ма де,
цхьаболчара шаьш долчохь маликаш тIе ма
оьцура, уьш муьлш бу а ца хууш. [3] Дагахь латтабе

† *12:5, 6 Аюб 5:17; Киципнаш 3:11, 12 (Грекийн).* †† *12:12 ЕшаI-ЯхIу 35:3 (Грекийн).* ‡ *12:13 Киципнаш 4:26 (Грекийн).* ‡† *12:15 Карлабаьккхинарг 29:18 (Грекийн).*

‡‡ *12:16 Доладалар 25:29-34.* ‡‡† *12:17 Доладалар 27:30-40.* ‡‡‡ *12:18, 19 Арадаккхар 19:16-22; 20:18-21; Карлабаьккхинарг 4:11, 12; 5:22-27.* § *12:20 Арадаккхар 19:12, 13.* §† *12:21 Карлабаьккхинарг 9:19.* §†† *12:24 Доладалар 4:10.* §‡ *12:25 Арадаккхар 20:22.* §‡† *12:26 Хьагай 2:6 (Грекийн).* §† *12:29 Карлабаьккхинарг 4:24.* §‡ *13:2 Доладалар 18:1-8; 19:1-3.*

набахти чохь берш, шаьш цаьрца цхьаьна долуш
санна. Дагахь латтабе Iазапехь бохкурш, шайн
догIмашкахь шаьш баланаш хьоьгуш санна.
4 Массара а майрачун-зудчун юкъаметтиг ларъе,
шаьш дIадуьйшу мотт сийсаз ма баккха. Дала кхел
йийр ю сийсазалла лелочарна а, нахаца лелачарна
а.
5 †Ахчанна тIаьхьадовлий ма лела, шайн долчух
тоам бе. Дала Ша ма-аьлла:
«Ас цкъа а вуьтур вац хьо,
хьох къаьстар а вац Со».
6 ††Цундела вай майрра боху:
«Веза Эла ву сан гIоьнча,
со хIуманах а кхоьрур вац.
ХIун дийр дара суна стага?»
7 Делан дош шайна довзийтина болу шайн
куьйгалхой дагахь латтабе. Церан дахаро
кхиадиначуьнга хьовса, церан санна тешар
хилийта. 8 Дала леррина къобалвина Iийса селхана
а, тахана а, массо а хенахь а Ша Верг ву. 9 Тайп-
тайпанчу а, хийрачу а хьехамашка ма марзло.
Делан диканца шайн дегнаш чIагIдар гIоле ю,
хIума яаран парзаш кхочушдарал. Уьш
кхочушдечарна пайда ца хуьлу.
10 Вайн *сагIа доккху кхерч* бу, цу тIера хIума яа
бакъо яц кху дуьненахь долчу *Делан цIа* чохь
гIуллакх деш болчеран. 11 ‡Къинах долчу сагIина
дайинчу дийнатийн цIий динан коьртачу дас Делан
цIийнан уггар езачу чоьнна чу хьо, ткъа церан
чархаш меттаматтал арахьа ягайо. 12 Иштта Iийсас
а, Шен цIийца нах базбархьама, гIалин кевнал
арахьа бала лайра. 13 Меттаматтал арахьа Иза
волчу арадовлийла вай, Цуьнан сийсазвар тIе а
лоцуш. 14 Кхузахь вайн гуттар а лаьтташ йолу гIала
яц, вай хин йолу гIала лоьхуш ду. 15 Iийсагахула
гуттар а Далла лерина хасторан сагIа доккхийла
вай, я, кхечу тайпана аьлча, Цуьнан цIе хастош
болу вешан бертан стом лойла вай. 16 Диц ма
делаш диканиг дан а, вовшашна оьшург шайна
юкъахь декъа а, хIунда аьлча иштта сагIанаш
Далла тамехь ду.
17 Шайн куьйгалхоша бохург а де, царна муьтIахь
а хила, хIунда аьлча уьш массо а хенахь шун
гIайгIа беш бу, Далла хьалха шайн шух жоп дала
деза дела. Шаьш деш дерг хазахетарца дойла цара,
дакхкхий синош а ца дохуш. Иза иштта ца хилахь,
шуна цхьа а пайда бац.
18 Тхох лаций доIанаш де. Тхо тешна ду тхайн
дегнаш цIена хиларх, хIунда аьлча массо а
хIуманна тIехь хьанал хила гIерта тхо.
19 Къаьсттина доьху шуьга доIа дар, Дала со сиха
шайна тIе юхаверзорах лаций.

## ДоIанца дерзор

20 Шен цIийца гуттар а болу барт чIагIбина волу
вайн Веза Эла Iийса, уьстагIийн сийлахь Iу,
веллачуьра денвинчу, синтем болчу Дала, 21 Шен
лаам кхочушбархьама, муьлхха а дика хIума лойла
шуна. Дала леррина къобалвинчу Iийса-Элехула
Шен тамехь дерг вайна чохь кхуллийла Цо.
Сийлалла хуьлийла Цуьнан ерриге а хенахь. *Амин*.

## Дерзоран дешнаш

22 Ас доьху шуьга, динан вежарий, хIокху
иракарахIотторан даше собарца ладогIар, яздинарг
башха дукха а дац. 23 Цхьа кхаъ бу шуна: вайн ваша
Тимапи паргIатваьккхина. Иза кестта схьавагIахь,
цуьнца цхьаьна суна шу гур ду.
24 Шайн массо а куьйгалхошка а, берриге Делан
нахе а маршалла ло. Италерчу динан вежаршкара
маршалла ду шуьга.
25 Делан дика хуьлда шуьца массаьрца а.

† *13:5 Карлабаькхинарг 31:6, 8; ЮшаI 1:5.* †† *13:6 Забур 117:6 (Грекийн).* ‡ *13:11 Iамалъяр 16:27.*

# Якъуба

### Дешхьалхе

тIехь «дуьнен чухула дIасабаьржинчу» массо а Iийсах тешаш болчаьргахула чекхбахархьама бина болу хьехамаш цхьаьнатоьхна бу. Яздархочо дукха масалшкахула а, кицанашкахула а Iийсах тешаш болчу нахана муха лела беза хоуьйтуш болу хьекъале хьехам ло. Тешаш берш муха хила беза а гойтуш, тайп-тайпанчу хIуманех лаьцна бо цо и хьехам: хьал а, къоьлла а, зер а, оьздангалла а, озабезам а, гIуллакхашца долу тешар а, меттан дола дар а, хьекъалалла а, къовсам а, вазвар а, эсалалла а, кхечунна кхел яр а, собар а, доIа а.
Кехат тIехь Якъуба чIагIдина, Iийсах а тешаш, и тешар гойтуш долу гIуллакхаш дан деза вай аьлла.

1 †Делан а, Цо леррина къобалвинчу Iийса-Элан
а лай волчу Якъубера дуьнен чухула
дIасадаьржинчу шийтта тайпане †† маршалла ду.

### Делах тешар а, хьекъалалла а

2 Сан вежарий, доккха хазахетар санна ларалаш
тайп-тайпана зераш шайна тIе мосазза хIуьтту.
3 Шуна-м хаьа шайн тешар зерах чекхдаларо собар
кхиош дуйла. 4 И собар кхачаме хилла дIахIотта
деза, шу, цхьа а дерт а доцуш, дуьззина кхачамалла
долуш хилийта. 5 Амма шуна юкъахь цхьанна
хьекъалалла ца тоахь, цо иза Деле деха деза. Ша
луш дерг атта а, бехкаш ца дохуш а луш волчу Цо
иза массарна а лур ду. 6 Амма иза тешарца а, шеко
йоцуш а деха деза, хIунда аьлча шеко йолуш верг
мохо ловзочу тулгIенах тера ву. 7 Иштта волчу
стага, Везачу Элера цхьаъ тIеоьцур ду алий, дог а
ма даха. 8 Шалха ойланаш йолу стаг ма ву иза, ша
дечу хIуманна тIехь чIагIо а йоцуш.

### Къоьлла а, хьал а

9 Таро йоцу динан ваша синан лакхарчу хьолах
воккхавеван веза, 10 ‡ткъа таро йолуш верг синан
лахарчу хьолах воккхавеван веза, хIунда аьлча иза
дIавер ву дуьнен чуьра, бецан зезаг санна. 11 Малх
хьала а гIоттий, йовхо йогIу. Йовхоно буц якъайо,
бецан зезаг дужу, хазалла а дIайолу. Иштта
хьалдолу стаг а, шен гIуллакхаш а деш, дIаволу.

### Зер а, хIума марздалар а

12 Декъалвина ву зенашна садеттарг, хIунда аьлча
иза зийначул тIаьхьа, ял санна, хедар доцучу
дахаран *таж* лур ду цунна Ша везачарна иза лур ду
аьллачу Везачу Эло. 13 Ша зуьйш волчу хенахь
стага ма баха: «Дала со зуьйш ву». Вочу хIуманца
Дела зелур вац, ткъа Цо Ша цхьа а ца зоь. 14 Амма
хIора а шен харц лаамаша зуьйш ву, цара иза, Iеха
а вой, дIалоцу. 15 Стаг харц лаамца
цхьаьнакхеттачул тIаьхьа, цу харц лаамо къа
кхуллу, ткъа къино, кхачаме схьа а кхаьчна,
Iожалла кхуллу.
16 Шаьш Iеха ма дайта, сан хьомсара вежарий.
17 Муьлхха а дика а, кхачаме а совгIат лакхара,
стигалан серлонаш кхоьллинчу Дегара догIу. Иза,
уьду мархаш санна, хийцалуш вац. 18 Шен лаамца,
бакъдолчу кхоаца кхоьллина Цо вай, Ша
кхоьллинчарна юкъахь вай ларaме ‡† хилийта.

### ЛадогIар а, кхочушдар а

19 Сан хьомсара вежарий, муьлхха а стаг
ладогIарна сихвала веза, ткъа шен хабарна а,
оьгIазаллина а собаре хила веза, 20 хIунда аьлча
адаман оьгIазалло стаг Далла хьалха бакъ ца
хуьлуьйту. 21 Цундела муьлхха а хьарам хIума а, вон
мел лелар а дIадаккха. Далла муьтIахь а хуьлуш,
шайга кховдийна а, шаьш кIелхьардаха тарлуш
долу а Делан дош тIеэца.
22 Делан дош кхочушдеш болчарах хилалаш,
цуьнга ладугIурш бен а ца хилла, шаьш Iехочарах
тар а ца луш. 23 ХIунда аьлча, Делан даше ла а

*† 1:1 Маттай 13:55; Марк 6:3; Векалийн 15:13; Галатахошка 1:19. †† Шийтта тайпане *– Якъуба боху, Iийсах тешнарш мостагIаша массанхьа дIасадаржийна хиллачу Исраилан халкъан шийтта тайпанах тера бу.* ‡ 1:10, 11 ЕшаI-ЯхIу 40:6, 7 (Грекийн).*

*‡† Ларaме *– кхузахь Якъуба Iийсах тешаш берш дуьххьара схьаэцначу ялтех тарбо, хьалха жуьгташа Везачу Элана сагIина луш долу ялта санна.**

дугIуш, иза кхочуш ца деш волу стаг шен билггал йолчу юьхье куьзгана чу хьоьжучух тера ву. 24 Шега а хьаьжна, иза юьстахволу, ткъа цу сохьта шен юьхьсибат цунна дицло. 25 Амма Делан кхачаме болчу а, паргIато лучу а хьехаме леррина а хьожуш, цуьнан кхидIа а тидам а беш, вицлуш волу ладогIархо а воцуш, и хьехам кхочушбийриг ша мел дечу гIуллакхашна тIехь декъалвина хир ву.

26 Нагахь цхьаммо, ша суьпа а хеташ, шен маттана дуьрста ца йоллахь, цо ша-шен Iехаво, цуьнан суьпа хилар а даьсса ду. 27 Да волчу Далла хьалха цIена а, бехдалаза а суьпалла иштта ду: байшна а, бисина Iачу зударшна а гIо дар а, дуьнен чохь долчу вочуьнга ша бех ца вайтар а.

## Озабезамах лаьцна

2 Сан вежарий! Дала леррина къобалвинчу Iийсах, вайн сийлаллин Элах, а тешаш, озабезамца цхьаьнга ма хьажалаш. 2 Нагахь шун гуламе, дашо мухIар а доьллина, деза духар дуьйхина хьалдолу стаг веача а, беркъа духар дуьйхина къен стаг веача а, 3 аша, деза духар дуьйхина волчу стаге а хьаьжна, цуьнга ала мега: «Кхузахь дика хир ду хьуна, охьахаа», ткъа къечуьнга ала мега: «Хьо хьуьлла дIахIотта, я кхуза, сан когашка, охьахаа». 4 Иштта дича, шайна юкъахь къестамаш кхуллий те аша? Харц-ойланаш йолу кхелахой хуьлий те шух?

5 ЛадогIийша, сан хьомсара вежарий, дуьнен чуьра къен нах Дала ца хаьржина те? Тешарехь хьал долуш хилархьама а, Ша везачарна лур ду аьллачу олалле кхачийтархьама а Дала уьш ца хаьржина те? 6 Ткъа аша къениг дIатеттина. Хьалдолу нах бац шуна ницкъ беш берш, уьш бац шу кхеле ийзош берш? 7 Шуна елла сийлахь цIе сийсазъеш бац уьш?

8 †Нагахь Делан Йозанашна тIера болу паччахьан хьехам: «Хьайн уллораниг хьо санна веза», аша кхочушбахь, аша деш дерг нийса ду. 9 Амма стаге озабезамца шу хьовсахь, аша къа латадо, товрат-хьехамо шу, зуламхой санна, бехкедо. 10 Берриг а товрат-хьехамаш кхочуш а беш, цхьана хIуманна тIехь къалатийнарг массо а хIуманна тIехь а бехке хуьлу. 11 ††«Нахаца ма лела», – Аьллачо аьлла: «Адам ма де», цундела, нагахь хьо нахаца лелаш вацахь, амма ахь адам дехь, хьо Дала тIедиллинарг дохош волу зуламхо ву. 12 ПаргIато лучу хьехамашка хьаьжжина, Дала кхел ен йолчу наха санна, ала а ала, гIуллакх а де. 13 ХIунда аьлча къинхетам боцу кхел хир ю шегара къинхетам ца гайтинчунна. Къинхетам кхелал а лакхара бу.

## Тешар а, гIуллакхаш дар а

14 ХIун пайда бу, сан вежарий, стага шен тешар ду баьхча, амма цо деш долчу гIуллакхаша иза гойтуш ца хилча? Иштт ачу тешаро кIелхьарвоккхур вуй иза? 15 Нагахь вешина я йишина тIеюху хIума а, кхача а эшахь, 16 ткъа шух цхьаммо цаьрга алахь: «Маьрша дIагIо, дох а ло, дуззалц хIума а яа», амма царна оьшург ца лахь, хIун пайда бу цуьнан? 17 Иштта ду тешар а, нагахь цуьнца цхьаьна деш гIуллакхаш дацахь, иза делла ду.

18 Амма цхьаммо ала тарло: «Хьан тешар ду, ткъа сан гIуллакхаш ду». ГIуллакхашца доцуш долу хьайн тешар гайта суна, ткъа аса гIуллакхашца долу сайн тешар гойтур ду хьуна. 19 Хьо теша Дела цхьаъ хиларх, иза дика ду. Ур-атталла жинаш а теша Иза хиларх – ткъа уьш кхерарна дегадо! 20 Амма хаа лаьий хьуна, сонта стаг, гIуллакхашца доцу тешар эрна дуйла? 21 ‡Шен гIуллакхашца Далла хьалха бакъхилла вац вайн да ИбрахIим, шен кIант Исхьакх сагIа доккхучу меттиган тIулгашна тIе а виллина? 22 Гой хьуна, цуьнан тешар гIуллакхашца цхьаьнадогIуш хилла, и гIуллакхаш бахьана долуш и тешар кхачаме хилла. 23 ‡†Делан Йозанашкахь аьлларг кхочушхилла: «ИбрахIим тийшира Везачу Элах, цундела Цо иза Шена хьалха бакъвина лерира», цунах Делан доттагIа элира. 24 Гой шуна, стаг Далла хьалха бакъхуьлу шен гIуллакхашца, тешарца хилла а ца Iаш.

25 ‡‡Иштта, нахаца лела Рахьаб ша дина гIуллакх бахьана долуш Далла хьалха бакъхилла, бахкийтина нах тIе а лаьцна, уьш кхечу новкъахула дIа а хьовсийна. 26 Цундела, шена чохь са доцу дегI делла ма-хиллара, гIуллакхашца доцу тешар а делла ду.

## Шайн меттан дола де

3 Сан вежарий! Шуна юкъара кIеззиг нах бен ма хила хьехархой. Шуна хаьа, вайна еш йолу кхел мел чIогIа хир ю, 2 хIунда аьлча вай массара а къинош дукха летадо. Дашаца цкъа а къа ца латош верг кхачаме стаг ву, цуьнга шен дерриг дегIан дола дало. 3 Вай говрийн бага гаьллаш йохку, уьш вайга ладугIуш хилийта, тIаккха церан догIмаш леладо вай. 4 Масала, хIордкеманаш а, мел даккхий уьш делахь а, ондачу мехаша лелош делахь а, жимачу тIомаца дIадохуьйту хIордахочо шена луъучу. 5 Иштта, матто а, кIезиг меже елахь а, доккхачу гIуллакхашна тIехь куралла йо.

Хьажал, жимачу цIаро мел йоккха хьун ягайо! 6 Мотт а цIе ю. Иза дегIан вукху меженашна юкъахь вон дуьне санна бу. Матто дерриг дегI а бехдо, вайн дахаран некъ хьала а латабо. Ткъа ша жоьжахатин цIарах хьалалеташ бу иза. 7 Муьлхха а экха а, олхазар а, текхарг а, хIордан дийнат а стага караIамадан тарло (баккъалла а, уьш караIамийна ду). 8 Амма адамашка цхьаьнгге а мотт кара ца Iамало, иза саца ца луш долу вон ду. Мотт Iожаллин дIовшах буьзна бу. 9 ‡‡Цуьнца Веза Эла а, Да а

† 2:8 Iамалъяр 19:18. †† 2:11 а: Арадаккхар 20:14; Карлабаьккхинарг 5:18; б: Арадаккхар 20:13; Карлабаьккхинарг 5:17.

‡ 2:21 Доладалар 22:1-14. ‡† 2:23 а: Доладалар 15:6; б: 2 Шерашкахь 20:7; ЕшаI-ЯхIу 41:8. ‡‡ 2:25 Якъуба 2:1-21.

декъалво вай, цуьнца Делан сибатехь кхоьллинчу
адамна неІалт а олу вай. 10 Цхьана багара схьадолу
декъалвар а, неІалт алар а. Иштта хила йиш яц, сан
вежарий. 11 Цхьана хьостанах схьадер дуй мерза а,
къаьхьа а хи? 12 Сан вежарий, инжиран дитта тІе
*зайт-диттан* стоьмаш а латор бац, кемсийн
таьлланга тІе инжираш а латор яц. Иштта дуьрачу
хьостано мерза хи лур дац.

### Лакхара долу хьекъалалла

13 Ша хьекъал а, кхетам а болуш волчо шен
оьздачу леларца а, хьекъалера схьадолчу
эсалаллехь динчу гІуллакхашца а гайта ца деза
иза? 14 Амма шун даг чохь къаьхьа хьагІ а, шена
пайда лехар а делахь, дозаллаш ма де,
бакъдолчунна дуьхьал харцо ма лелае. 15 Иза
лакхара долу хьекъалалла дац, амма дуьненан,
синан, жинийн хьекъалалла ду. 16 ХІунда аьлча
хьагІ а, шена пайда лехар а долчохь низам дохор а,
мел долу вониг а ду. 17 Амма лакхара долу
хьекъалалла, цкъа-делахь, цІена ду, цул тІаьхьа,
машаре а, оьзда а, къинхетамах а, дикачу стоьмех
а дуьзна а, озабезам боцуш а, шалхо йоцуш а ду.
18 Барт кхуллуш болчара бертахь дийначу хІух
нийсонан ялта схьадолу.

### ХІара дуьне дезар

4 Къийсамаш а, девнаш а мичара ду шун? Шун
меженашкахь вовшашца тІом бечу а, дуьненан
хІума тІех дезачу а лаамех схьадуьйлуш дуй те
уьш? 2 ХІума деза шуна, амма иза ца хуьлу шуна.
Адам дел чІогІа хьагІ хуьлу шуьца, амма
дезачуьнга ца кхачало шу. Вовшашца а къуьйсу,
девнаш а доху аша, амма дезарг ца хуьлу шуна,
хІунда аьлча аша, Деле доьхуш, доІа ца до. 3 Дехча
а, ца хуьлу шуна иза, хІунда аьлча аша дикачу
хІуманна ца доьхуш, дуьненан хІума тІех дезачу
шайн лаамийн дуьхьа доьху. 4 Тешам боцурш! ХІара
дуьне дезар Делаца мостагІалла хилар дуйла ца
хаьа шуна? Дуьненах шена доттагІа хила лууш верг
Делан мостагІа хуьлу. 5 Шуна моьтту хир ду Делан
Йозанашкахь эрна аьлла: «Дала вайна чохь Іан
деллачу Синна вай Шен хила лаьа»? 6 †Амма Дала
кхин а доккха дика дина вайна. Цундела аьлла ду:
«Дела курачарна дуьхьал ву,
амма ша кІезиг хеташ Іаш болчарна Шен дика ло
Цо».
7 Цундела Далла муьтІахь хила, иблисана
дуьхьалдовла, тІаккха иза шух додур ду. 8 Далла
улло гІо, Иза а шуна улло вогІур ву. Къинош
летийнарш, шайн куьйгаш дила, шалхончаш, шайн
дегнаш цІанде. 9 Халахета, делха, тийжа. Шун
деларх делхар хуьлийла, хазахетарх сингаттам
хуьлийла. 10 Везачу Элана муьтІахь хила, Цо ойур
ду шу.

### Вежаршна кхел ярх лардар

11 Вежарий, лен ма ле вовшашна. Шен ваша вон
вуьйцуш, я цунна кхел еш волчо Делан хьехамна
кхел а йо, иза вон а буьйцу. Нагахь хьо Делан
хьехамна кхел еш велахь, хьо иза кхочушбеш вац,
ткъа цуьнан кхелахо ву. 12 Хьехам Белларг а,
Кхелахо а цхьаъ ву, Цо кІелхьарваккха а,
хІаллакван а тарло. Ткъа хьо мила ву кхечунна кхел
ян?

### Дозаллаш дарх лардар

13 Ткъа хІинца аша ладогІалаш, хІара къамел
дийраш: «Тахана я кхана оцу гІала а дахана, цигахь
цхьана шарахь Іийр ду вай, мах а лелийна, пайда
бийр бу вай». 14 Шуна ца хаьа, кхана хІун хир ду.
ХІун ду шун дахар? КІеззигчу ханна деана а, юха
дІадолу а дохк ду иза. 15 «Везачу Элана лаа а лиъна,
вай дийна дисахь, хІара я кхин дийр ду вай», –
аларан метта, 16 шу дозаллаш деш ду, шаьш дегала
долу дела. Ткъа муьлхха а иштта дозалла вониг ду.
17 Цундела, дан дезаш долу диканиг а хууш, и ца
деш волчунна къа хир ду.

### Хьалдолчарна дІахьедар

5 ЛадогІалаш аша, хьалдолчара: делхалаш,
тийжалаш, хІунда аьлча бохамаш бу шуна
тІехІуьттуш. 2 ††Шун хьал, телхина, дІадаьлла, шун
духарш нецано диина. 3 Шун деши а, дети а
мекхадоьлла. Церан мекха шуна дуьхьал тоьшалла
деш хир ю, цо, цІаро санна, дагор ду шун дилха.
Ткъа аша дуьненан тІаьххьарчу деношкахь шайна
хазна гулйина. 4 ‡Шун аренаш лелийначу
белхалойн ял ю кхойкхуш, аша, дІа ца луш,
сацийна йолу. Ялта чудерзочеран тийжар массо а
ницкъийн Везачу Элан лергашка кхаьчна ду. 5 Шу,
хьал а долуш, даьхна дуьнен тІехь, зовкх а
хьоьгуш. Шаьш дарстийна аша, сагІа даккха
кечдина бежанаш санна. 6 Аша, кхел а йина, бехк
боцурш байира. Цаьрга шуна дуьхьало ца яло.

### Собар а, доІа а

7 Вежарий, собаре хилалаш, Веза Эла
схьаваллалц. Латта лелош волчо безачу стоьме
сатуьйсийла хаьий шуна? Иза собарца хьоьжу
хьалхара а, тІаьхьара а догІа даре. 8 Иштта шу а
чІогІа собаре хилалаш, шайн дегнаш чІагІделаш,
хІунда аьлча Веза Эла вар гергакхочуш ду.
9 Вовшашна аьрзнаш ма делаш, вежарий, шайна
кхел ца яйтархьама, хІунда аьлча Кхелахо неІарехь
лаьтташ ву. 10 Баланаш а ловш, собаре хиларан
масална Везачу Элан цІарах дуьйцуш хилла болу
пайхамарш схьаэца, сан вежарий. 11 ‡†Собарца
баланаш хьегнарш декъалбинарш лору вай. Шуна
хезна Аюба лайначу халонех лаьцна. Ткъа Везачу

‡‡† 3:9 Доладалар 1:26. † 4:6 Кицанаш 3:34 (Грекийн).

†† 5:2, 3 Маттай 6:19. ‡ 5:4 Карлабаькккхинарг 24:14, 15.
‡† 5:11 а: Аюб 1:21, 22; 2:10; б: Забур 102:8.

Эло цунна эххар а динарг а хаьа шуна, хIунда аьлча
Веза Эла чIогIа къинхетаме а, стагах дог лозуш а ву.
12 †Уггар хьалха, сан вежарий, стигалх а, лаьттах а,
я кхечу хIуманах а чIагIонаш ма елаш, амма шун
«хIаъ» «хIаъ» хила деза, «хIан-хIа» «хIан-хIа» хила
деза, шу бехке ца хилийтархьама.
13 Шух цхьаъ бала хьоьгуш велахь, цо доIа дан
деза, самукъадаьлла велахь, хастам баран йиш
лакха еза. 14 ††Шух цхьаъ цомгуш велахь, цо Iийсах
тешачийн тобанан куьйгалхой кхайкха беза. Цара
доIа дан деза цунна тIехь, Везачу Элан дуьхьа
цомгушчунна деза даьтта а хьоккхуш. 15 Тешаран
доIано цомгушниг товийр ву, Везачу Эло иза когаш
тIе хIоттор ву. Нагахь цо къинош летийнехь, цунна
гечдийр ду. 16 Шайгара даьллачу къинойх лаьцна
даре а деш, вовшех лаций доIа де, шайна гIоле
хилийта: Делан лаамехь волчо динчу доIано дуккха
а дан тарло, цуьнгахула ницкъ баларна. 17 ‡Эли-ЯхIу
вай санна стаг вара. Цо, догIа ма даийта аьлла,
чIогIа доIа дича, кхаа шарахь а, ялх баттахь а
лаьтта тIе догIа ца деара. 18 ‡†Юха цо доIа дича,
стигалара догIа а деара, лаьтто шен стом а белира.
19 Вежарий, нагахь шух бакъдолчун новкъара
ваьлларг цхьаммо нисвахь, 20 ‡‡цунна дIахаийла,
харц новкъара къа латийнарг нийсачу новкъа
ваькккхинчо лечуьра са кIелхьар а доккхур ду,
дуккха а къинош дIа а къовлур ду.

† *5:12 Маттай 5:34-37.* †† *5:14 Марк 6:13.*

‡ *5:17 Сулим 17:1; 18:1.* ‡† *5:18 Сулим 18:42-45.* ‡‡ *5:20 Кицанаш 10:12; 1 Кипин 4:8.*

# 1 Кипин

## Дешхьалхе

Асиа мехкан къилбаседерчу декъехула дӀасабаржийначу, Ӏийсана тӀаьхьахӀиттина хиллачу нахе – хӀокху кехата тӀехь царах «Дала къастийнарш» а олуш – яздина ду. Кехатан коьрта гӀайгӀа бу: шаьш Ӏийсах тешар бахьана долуш Ӏазапаш а, баланаш а хьоьгуш болу кехат дешархой иракарахӀиттор. Яздархочо царна дагадоуьйту Дала леррина къобалвинчу Ӏийсах лаьцна болчу хазачу кхоах лаьцна – Ӏийса валар а, веллачуьра денвалар а, Иза кхин цкъа схьаваран ваӀда а бахьана долуш, церан дегайовхо хила тарло. И дерриге а хаа а хууш, шайна тӀехӀиттина баланаш церан тӀеэца а, хьега а деза. Оцу баланашкахула церан тешар зуьйш ду, иза бакъдолу тешар дуй хаийтархьама. Цул сов, «Дала леррина къобалвина Ӏийса веанчу дийнахь» церан ял хир ю.
ГӀайгӀанечу ханна уьш иракара а хӀиттийна, яздархочо чӀогӀа дехар до дешархошка, Дала леррина Къобалвинчун долахь дерш санна даха аьлла.

### Кипин маршалла

1 Дала леррина къобалвинчу Ӏийсан векалера
Кипера Дала къастийначаьрга, аренца лелаш,
хийрачу мехкашкахула: Понтехула, Галатехула,
Каппадокехула, Асиа-махкахула, Битхьуни-
махкахула дӀасабекъабеллачаьрга. 2 Шена хьалххе
хууш ма-хиллара, вайн Да волчу Дала шу
хаьржира. Ткъа Делан Сино шу Далла улло
далийра, Дала леррина къобалвинчу Ӏийсана
муьтӀахь а хилла, Цуьнан цӀийца шу цӀиндалийта.
Делан дика а, синпаргӀато а шорта хуьлда шуна!

### Бакъболу сатийсам

3 Хастам бу Далла, леррина къобалвинчу вайн
Везачу Элан Ӏийсан Дена, Шен доккхачу диканца
вайна керла дахар делла волчу, веллачуьра Ша
леррина къобалвина Ӏийса ден а вина, цу
бахьаненна хӀаллак а хир йоцучу, сакхто я замано
талхор а йоцучу тӀаьхьене бакъболу сатийсам
вайна белла волу. И тӀаьхье стигалшкахь ларъеш
ю, 5 ткъа шу, тӀаьхьара зама а еана, хиндолу
*кӀелхьардовлар* гучудаллалц, шайн тешар бахьана
долуш Делан ницкъо Ӏалашдеш ду.
6 Шу цунах даккхийдеш ду, хӀинца кӀеззигчу ханна
шайна тайп-тайпанара зер лан дезахь а. 7 Шун
тешар зуьйш ду, ткъа иза дешил деза ду. ХӀунда
аьлча деши, цӀарца дахчош делахь а, замано
талхош ду. Ткъа шун тешар, зен а зийна, бакъдолу
тешар ду аьлла, хила дезаш ду, Дала леррина
къобалвина Ӏийса веанчу дийнахь шун хастам а,
даздар а, сийлалла а хилийтархьама.
8 Шуна Иза веза, шайна ца гиннашехь. Шу теша
Цунах, шайна Иза хӀинца а ца гушшехь. Шу, инзаре
чӀогӀа хазахетар деана, даккхийдеш ду, хӀунда
аьлча шуьга кхаьчна тешаран Ӏалашо: шайн
кӀелхьардовлар.
10 Пайхамарша леррина талла а теллина, Ӏама а
дина оцу кӀелхьардовларх дерг дерриг а. Шуна
дала кечдинчу Делан диканах лаьцна а дийцина
цара. 11 Шайна чохь хиллачу Дала леррина
Къобалвинчун Сино йийцина йолу хан а, хьелаш а
къасто гӀиртина уьш. Цу Сино дийцина царна Дала
леррина Къобалвинчун баланех лаьцна а, тӀаьхьа
Цуьнца боьзна хин болчу сийлахьчу хиламех
лаьцна а. 12 Цаьрга хаийтира, шайна а доцуш, ткъа
шуна гӀуллакх деш уьш хилар. Стигалара
даийтинчу Делан Сино *хаза кхаъ* кхайкхош
болчаьргахула хӀинца шуна дийцийтинарг
кхайкхадора цара. Стигалара маликаш а тӀехь ду и
къайле хаа лууш.

### Дезачу дахаре кхайкхар

13 Сема а, дечу гӀуллакхна гуттар а кийча а хуьлда
шун кхетам. Дала леррина къобалвина Ӏийса
вогӀучу дийнахь Делан шуьга болу безам бахьана
долуш шайна лун долчуьнца боьзна хилийта шайн
берриг а сатийсамаш. 14 Ийманехь долу Делан
бераш санна хила, хьалха шаьш боданехь долчу
хенахь хиллачу хьарамчу лаамашка шайн дахар ма
талхадайта. 15 Мелхо а, шаьш а цӀена хила, шайн
лелар а цӀена хилийта, шаьш ТӀекхайкхинарг цӀена
ма-хиллара. 16 † *Делан Йозанаш* тӀехь аьлла ма ду:
«ЦӀена хилалаш, хӀунда аьлча Со а цӀена ву».

† *1:16 Ӏамалъяр 11:44, 45; 19:2.*

17 Нагахь хIораннах а озабезам ца беш, цо
диначуьнга хьаьжжина кхел еш Волчух аша Дада
олуш хилча, шаьш дуьнен чу даьхкина хьеший
хилла йолу хан сийлаллин кхерам дагахь а болуш
яккха. 18 Хаалаш, телхина дIадер долу дети я деши а
делла эцна яц шун паргIато, шун дайх дисинчу
гIийлачу дахарх шу мукъадохуш, 19 амма цIеначу а,
бехк боцучу а Iахаран санна долу, Дала леррина
Къобалвинчун деза цIий делла ю. 20 Дуьне а
кхоллале къастийна вара Иза, амма тIаьхьарчу
заманахь бен гучуваьккхина вацара шун дуьхьа.
21 Иза веллачуьра ден а вина, Цунна деза сийлалла
деллачу Делах а Иза бахьана долуш теша шу,
цундела шун тешар а, сатийсам а Делаца боьзна бу.
22 Бакъдолчунна муьтIахь хиларна, шайн синош а
цIандина, шайн динан вежарий шалхо йоцуш
безаш ду шу. Ткъа хIинца шайн ницкъ ма-кхоччу
даггарчу безамца вовше дезалаш! 23 Шун керлачу
дахаран хьоста лийр долу хIу дац, амма гуттар а
хин дерг ду. Иза дийна долу а, гуттар а хин долу а
Делан Дош ду! 24 †ХIунда аьлча аьлла ду:

«ХIора адам буц санна ду,
цуьнан хазалла арарчу зезагийн санна ю.
Буц а якъало,
зезаг а маргIалдулу,
25 ткъа Везачу Элан Дош гуттар а деха».
Иштта бу шуна кхайкхийна хаза кхаъ!

### Дийна тIулг а, деза халкъ а

2 Муьлхха а вон, харцдерг, шалхо, хьагI, лер
дIадаккха! 2 Дакхош долу бераш шуьрех санна,
синан кхача болчу цIеначу дашах хьага, цуьнан
гIоьнца шу даккхий а хилла, шун *кIелхьардовлар*
чекхдалархьама, 3 ††хIунда аьлча «Веза Эла мел
дика ву шуна хиъна».
4 Цунна тIе дуьйла. Наха дIатесна болу дийна
ТIулг бу Иза, амма Дала хаьржина а, Цунна гергахь
беза а болу. 5 Шу шаьш а ду дийна тIулгаш. Шайх
синан цIа дайта, цу чохь динан дай хилархьама,
Дала леррина къобалвинчу Iийсагахула Далла
лууш долу синан сагIанаш даха. 6 ‡ХIунда аьлча
аьлла ду Делан Йозанашкахь:

«Ас Цийон-лам тIехь охьабуьллу
са болу, къастийна, беза тIулг.
Муьлхха а Цунах тешаш верг
юьхьIаьржачу хIуттур вац».

7 ‡†Иштта, Цунах тешачу шуна Иза деза жовхIар
ду, ткъа ца тешачарна:

«ГIишлош еш пхьераша дIакхоьссина тIулг
цIийнан сонан йистехь коьрта тIулг, хилла,
дIахIоьттина».

8 ‡‡Кхин а:

«Нах тасаболуьйтун болу тIулг бу иза,
уьш охьаоьгун болу *тарх* а ю иза».

Делан Дашна муьтIахь ца хиларна тийсало –
иштта кхоллам бу церан. 9 ‡‡†Амма шу къастийна
тайпа ду, Паччахьан лаамехь болу динан дай, деза
халкъ, Делан долахь дерш, боданера Шен
исбаьхьчу серлоне Кхайкхинчун сийлахьчу
гIуллакхех льацна шуьга дийцийтархьама.
10 ‡‡‡«Цхьана хенахь халкъ дацара шу,
ткъа хIинца Делан халкъ ду.
Цхьана хенахь шух бина къинхетам бацара,
ткъа хIинца Дала къинхетам бина шух».

### Делан ялхой леш санна даха

11 Сан хьоменаш, аренца лелаш, дуьнен чу
даьхкина хьеший шу долу дела, доьху ас шуьга,
синца тIом бечу дегIан лаамех ларлолаш. 12 Кхечу
къаьмнийн нахана юкъахь шайн лелар оьзда
хилийталаш, тIаккха, шу вон нах ду бохуш,
дуьйцуш болчара, шун дика гIуллакхаш а гина,
Дела хастор ву Иза веанчу дийнахь.
13 Везачу Элан дуьхьа адамна тIехь урхалла дечу
Iедална муьтIахь хилалаш: паччахьна, хIунда аьлча
цуьнгахь лаккхара Iедал ду, 14 куьйгалхошна, хIунда
аьлча уьш зуламхошна таIзар дан а, дика гIуллакх
дечарна совгIат дала хIиттийна бу. 15 ХIунда аьлча
иштта бу Делан лаам: дика гIуллакх дечара сонта
наха дуьйцуш долу эрна хабарш дIасовцадо.
16 ПаргIат даха, амма цу паргIатона тIехьа а
лечкъаш, вон гIуллакхаш ма леладе, хIунда аьлча
шу Делан леш ду. 17 Массо а лара, вежарий а беза,
Делах а кхера, паччахьан сий а де.

### Дала леррина Къобалвинчо гайтина масал

18 Леш, шайн элашна хила ма-деззара муьтIахь
хила, шайца дика а, эсала а болчарна хилла ца Iаш,
шайца буьрса болчарна а. 19 Ларам бу стеган,
нагахь санна бехк а боцуш таIзар ловш велахь,
Дела вуйла а хууш. 20 ХIун сий хир ду, нагахь шайн
бехк буйла а хууш, деш долу таIзар ловш шу
делахь? Амма диканиг а дина, шу хало ловш
делахь, иза Далла гергахь деза ду. 21 Шу оцу
балхана кхайкхина ма ду. *Дала леррина
Къобалвинарг* а, шун дуьхьа баланаш а лайна,
Шена тIаьххье шу дахкийта масала а гайтина ма ву.

22 §«Цо цхьа а къа а ца латийна,
Цуьнан багара харц дош а ца даьлла».
23 §†Ша сийсазвича,
Цо дуьхьал вон дош ца олура,
Ша бала ловчу хенахь,
кхерамаш ца туьйсура,
амма нийсо ечу Кхелахочун кара
Ша дIалора.
24 §††Шен дегIаца вайн къинош
*жIара* тIе даьхьна Цо,

† *1:24, 25 ЕшаI-ЯхIу 40:6-8 (Грекийн).* †† *2:3 Забур 33:9.* ‡ *2:6 ЕшаI-ЯхIу 28:16 (Грекийн).* ‡† *2:7 Забур 117:22.* ‡‡ *2:8 ЕшаI-ЯхIу 8:14, 15.*

‡‡† *2:9 а: Арадаккхар 19:5, 6; ЕшаI-ЯхIу 43:20; б: Арадаккхар 19:5; Карлабаьккхинарг 4:20; 7:6; 14:2; Тите 2:14; ц: ЕшаI-ЯхIу 43:21; д: ЕшаI-ЯхIу 9:2; ЕшаI-ЯхIу 43:20 (Грекийн).* ‡‡‡ *2:10 ХIушаI 2:23.* § *2:22 ЕшаI-ЯхIу 53:9.* §† *2:23 ЕшаI-ЯхIу 53:7.* §†† *2:24, 25 ЕшаI-ЯхIу 53:5, 6 (Грекийн).*

вай къинойх къаьстина,
цIена дахийтархьама.
Цуьнан чевнаш бахьана долуш
дарба хилла шуна.
25 Цхьана хенахь, тиладелла уьстагIий санна,
лелла шу,
ткъа хIинца шу шайн синойн Iуьнна а, шаьш
Iалашдечунна а тIе юхадаьхкина.

### Зударий а, церан майранаш а

3 [†]Зударий, шу а шайн майранашна муьтIахь
хила. Нагахь цхьаболу майранаш Делан Даше
ладугIуш ца хилахь, шайн дахарх масал а луш, дист
а ца хуьлуш, Делах тешарна тIебалабе уьш, 2 шайн
цIена а, Делах кхоьруш а долу дахар а гайтий.
3 [††]Гуш долчу хIуманашца хаздала ма гIерта: месаш
Iалашъярца, дашо хIуманашца, хазачу духаршца.
4 Мелхо а, даггара долчу, телхар доцучу, тийначу,
эсалчу синан хазаллица кечдала хьовса. Иза Далла
гергахь деза ду.
5 Хьалхарчу заманчохь иштта хазлора Делан
дикане сатуьйсуш болу сийлахь зударий, шайн
майранашна муьтIахь хуьлуш. 6 [‡]Масала,
ИбрахIиме массо а хIуманна тIехь ладугIуш а,
цунах шен эла олуш а яра Сарат. Нагахь шу
диканиг а деш, дагахь кхерам хиларна сингаттам а
боцуш Iаш делахь, шу Цуьнан йоIарий ду.
7 [‡†]Цу кеппара майранаш а хила беза шайн
зударшца дика, уьш гIорасиза хилар а хууш. Уьш
лара, хIунда аьлча божаршца цхьаьна дахаран
совгIат кхочу цаьрга. ТIаккха шун доIанашна
дуьхьало еш хIумма а хир дац.

### Дика гIуллакхаш бахьана долуш бала хьегар

8 Иштта, шу цхьа барт болуш, вовшийн лоруш а,
вежарий а, йижарий а безаш а, къинхетам болуш а,
шаьш лахара хоьтуьйтуш а хила деза. 9 Вонна
дуьхьал вон ма даккха, сийсазварна дуьхьал
сийсазвар, мелхо а декъалве шайна вон болх
бинарг. ХIунда аьлча шу цу балхана кхайкхина ду,
ткъа шуна Делера декъалдар хир ду. 10 [‡‡]Делан
Йозанашкахь ма-аллара:
«Хаза денош а гуш,
ирсе ваха лууш волчо
вочу дешнех шен мотт а ларбе,
харц долчух шен бага а ларъе.
11 Вочунах дIавирзина,
диканиг дойла цо,
машар лохийла,
цуьнгахьа къуьйсуш.
12 ХIунда аьлча Делан лаамехь болчаьргахьа ду
Везачу Элан хьажар,
церан доIанашка схьадиллина ду Цуьнан лергаш.
Амма оьгIазе ю Везачу Элан юьхь Иза зуламхошка
хьожучу хенахь».
13 Хьан дийр ду шуна зен, шу диканиг дан гIерташ
хилча? 14 [‡‡†]Амма шаьш дина дика хIума бахьана
долуш шу бала хьоьгуш делахь, шу декъалхилла ду.
«Уьш кхоьручух шу ма кхера, доха а ма доха!» 15
*Дала леррина Къобалвинарг* шайн дегнашкахь
Веза Эла санна хилийта.
Шайга хаттахь, гуттар а кийча хила жоп дала,
шуьца болу сатийсам стенца боьзна бу. 16 Ларам
болуш а, таьIна а жоп ло. Эхь-бехк долуш хила,
тIаккха шуна тIехь доцург дуьйцуш волчунна эхь
хетар ду, Дала леррина Къобалвинчуьнца доьзна
долу шун дахар мел цIена ду гича. 17 Делан лаам
белахь, диканиг дар бахьана долуш хало лар
гIолехь ду, вониг а дина ловчул! 18 ХIунда аьлча
къинош летийна долу шу Далла тIе дерзорхьама,
Дала леррина Къобалвинчо а цкъа бала лайна
вайн къинош бахьана долуш,
Иштта Делан лаамехь Волчунна Делан лаамехь
боцурш бахьана долуш хало гина.
Цуьнан дегI дийнера,
амма Са дахаре юха далийнера.
19 Оцу Синан кепехь набахтехь долчу синошна
кхайкхам бан вахара Иза. 20 [‡‡‡]Нохьа-пайхамаро
шен кема дечу хенахь, Дела цуьнга собаре
хьоьжуш а волуш, Делан лаамера девлла, Цуьнга
ла ца доьгIна синош дара уьш. Дукха синош
кIелхьара ца дехира хи чуьра цу кемана чохь,
верриг а бархI стаг бен.
21 ХIинца шу кIелхьардохуш йолу хих
чекхдовларан билгало ю иза. Хих чекхдовлар – иза
тIера мода дIаяккхар дац, амма цIеначу дагца Деле
йина чIагIо ю [§]. Дала леррина къобалвина Iийса
денвалар бахьана долуш цу хих чекхдовларо шу
кIелхьардоху. 22 Iийса, стигала хьала а ваьлла,
Далла аьтту агIор Iаш ву. Цо бохург деш ду
маликаш а, стигалара ницкъаш а.

### Далла тешаме хилар

4 Дала леррина Къобалвинчо Шен дегIана бина
ницкъ лайна дела, аша а цунах тера долчу
леларна кечам бан беза. ХIунда аьлча дегIана
хуьлу ницкъ лайнарг, къинойх дIа а къаьстина,
2 дуьнен чохь яккха йисина хан, дегIан лаамийн
кара а ца воьдуш, Дала бохург деш йоккхуш хир ву.
3 Кхечу къаьмнийн нахах тарделла, хьалха а
шортта хан яьккхина аша: вон мел дерг лелош,
зударий а, божарий а хьарам лаамаш болуш,
нахаца лелаш, муьйлуш, *цIушна* хьарам Iибадат
деш. 4 Ткъа хIинца царна тамашийна хета аша
хьалхалера боьха гIуллакхаш ца лелош, цундела
шуна лоь уьш. 5 Амма церан жоп дала дезар ду
дийначарна а, беллачарна а кхел ян кийча
Волчунна. 6 Беллачарна а хаийтинера *хаза кхаъ.*
ДогIмех аьлча – царна кхел йина. Ткъа синойх
аьлча – уьш гуттар а дийна хир ду Дела волчохь.

† *3:1 Эпасхошка 5:22; Ковлусихошка 3:18.* †† *3:3 1 Тимапига 2:9.* ‡ *3:6 Доладалар 18:12.* ‡† *3:7 Эпасхошка 5:25; Ковлусихошка 3:19.* ‡‡ *3:10-12 Забур 33:13-17 (Грекийн).*

‡‡† *3:14, 15 ЕшаI-ЯхIу 8:12, 13.* ‡‡‡ *3:20 Доладалар 6:1–7:24.* § *Я иштта: *иза тIера мода дIаяккхар дац, амма тхайн дегнаш цIена хилийтар Деле дехар ду.**

7 Дерригенан а чаккхе тIекхочуш ю. Хьекъале
дуьйла, собаре а хила, тIаккха шуьга доIанаш далур
ду.
8 [†]Уггар хьалха даггара вовшийн деза, хIунда
аьлча безамо дукха къинош дIахьулдо.
9 Шайн хIусамашкахь вовшийн тIеэца, яппарш а
ца еш.
10 Шуна хIоранна а ша тайпа похIма кхаьчна.
Вовшийн гIуллакх де цу похIмица, Дала тайп-
тайпана диканаш деллачу тешамечу хIусамдас
санна. 11 Нагахь цхьаъ хьехам беш велахь, и
хьехам Делера болуш санна бе, Далла гIуллакх деш
велахь, Дала шена беллачу ницкъаца де и гIуллакх.
Иштта Дала леррина Къобалвинчу Iийсагахула
Дела хастаме хир ву. Сий а, ницкъ а хуьлда Iийсан
бIеннаш шерашкахь, *амин*!

## Iийсан мурд хиларан баланаш лар

12 Сан хьоменаш, шуна тамашийна ма хета шайн
луьра зер лан дезар, дага ма даийта, шайца цхьа
тамашийна хIума хуьлу аьлла. 13 Мелхо а,
даккхийде шаьш Дала леррина Къобалвинчун
баланашкахь дакъа лацарна. Цуьнан сийлалла
гойтучу дийнахь шу даккхийдеш а, самукъадаьлла
а хир ду.
14 Нагахь *Дала леррина Къобалвинарг* бахьана
долуш шу сийсаздеш делахь, шу декъалдина ду,
Делан сийлаллин Са шуьца хуьлу дела. 15 Стаг
вийнарг, я къу, я зуламхо, я мотт тоьхнарг а хилла,
таIзар ловш ма хуьлийла шух цхьа а. 16 Нагахь
шуна дина таIзар Дала леррина Къобалвинчун
мурд ву аьлла делахь, эхь ма хета, Далла хастам бе
ша и цIе лелорна! 17 Кхел яран хан герга кхаьчна.
Делан доьзалера нахана тIера йолалур ю иза. Ткъа
вайна тIера иза йолалуш хилча, Делан Кхаъ тIе ца
эцначу нахана хIун таIзар хир ду?!
18 [††]«Делан лаамехь верг халла кIелхьарволуш
хилча,
Iеса лелачунна а,
къинош летийначунна а
хIун хир ду?»
19 Цундела Делан лаамца баланаш хьоьгуш
болчара, дерриг а диканиг дан а хьожуш, гуттар а
Бакъволчу вай Кхоьллинчун кара шаьш дIадала
деза.

## Тхьамданашна гIо дар

5 ХIинца шун коьртехь болчу тхьамданашка ала
лаьа суна. Со а ву тхьамда а, Дала леррина
Къобалвинчо баланаш ловш теш а хилла. Гучудаьн
долу Цуьнан сий-ларам Цуьнца доькъур ду ас.
2 [‡]Шайга белла Делан бажа бажабе. Шаьш
декхарийлахь долу дела а доцуш, даггара иза
Iалашбе, Далла иза ма-лаъара. Шайна цунах цхьа
пайда хир бара аьлла а доцуш, даггара къахьега.
3 Шайн куьйга кIелахь болчу нахана масал хилий
лела, шайн олалла бахьана долуш царна ницкъ ма
бе. 4 ТIаккха, коьрта Iу веача, телхар доцу
сийлаллин *таж* лур ду шуна.
5 [‡†]Ткъа шу, кегийнаш, тхьамданийн лаамехь хила.
Вовшашна муьтIахь а долуш де гIуллакх, хIунда
аьлча:
«Дела курачарна дуьхьал ву,
амма ша кIезиг хеташ Iаш болчарна Шен дика ло
Цо».
6 [‡‡]Цундела Делан нуьцкъалчу куьйга кIел дуьйла,
Цо Шен хенахь ойур ду шу. 7 [‡‡†]Берриг а шайн
гIайгIанаш Цунна тIе яхка, Иза шун бала болуш ву!
8 Собаре а, сема а хила! Шун мостагIа, *иблис*, ду,
гIигI ден лом санна, цхьаъ дIакхалла гIерташ
даьлла лелаш. 9 Цунна дуьхьало е, Делах шайн
тешар чIагIде. Хаалаш, дерриг а дуьнен чохь шун
вежарий, шу санна, баланаш ловш бу. 10 Массо а
диканиг Шеца долчу Дала кхайкхина шуьга Дала
леррина къобалвинчу Iийсаца цхьаьна Шен хедар
доцу сийлалла декъа. КIеззиг йолчу хенахь
баланаш аш лайча, Цо шу нийсачу новкъа дохур
ду, шуна чIагIо а, ницкъ а, довр доцу доьналла а
лур ду. 11 БIеннаш шерашкахь хуьлийла Цуьнан
олалла, *амин*.

## ТIаьхьара маршалла

12 [‡‡‡]ХIара доца кехат ас (сайга хаьттича) тешаме
волчу вешин Салин гIоьнца яздина, шу
иракарахIитторхьама а, иза билггала долу Делан
диканиг дуйла хаийтархьама а. Цу тIехь чIоггIа
латта!
13 [§]Шу санна, Бавел-гIалара [§†] Дала хаьржиначара
а, ткъа иштта сан кIанта Марка а маршалла
доуьйту шуьга.
14 Доггах [§††], маршалла хатта вовшашка. Маьрша
хуьлда шу Дала леррина Къобалвинчуьнца долу
дерриш а.

† 4:8 Кицанаш 10:12. †† 4:18 Кицанаш 11:31 (Грекийн).

‡ *5:2 Яхьъя 21:15-17.* ‡† *5:5 Кицанаш 3:34 (Грекийн).* ‡‡ *5:6 Маттай 23:12; Лака 14:11; 18:14.* ‡‡† *5:7 Забур 54:23.* ‡‡‡ *5:12 Векалийн 15:22, 40.* § *5:13 Векалийн 12:12, 25; 13:13; 15:37-39; Ковлусихошка 4:10; Пхьалмане 1:24.* §† *Бавел-гIалара *– иза, схьахетарехь, Рим-гIала ю, хIунда аьлча Кипин лачкъийна дара ша волу меттиг.** §†† *Доггах *– ма-дарра аьлча: *Вежарийн безамца болу барт а луш.**

# 2 Кипин

### Дешхьалхе

хьалххе дуьйна а Іийсана тІаьхьахІиттина хиллачу дуккха а нахе яздина ду. Цуьнан коьрта гІайгІанаш бу: харц хьехамаша дечунна а, царах хуьлучу талхаршна а дуьхьало яр. Дела а, Веза Эла волу Іийса а билггал вовзаро жоп ло цу гІайгІанашна. Іийса гиначу а, Цо бина хьехамаш хезначу а наха дийцина шайна и довзар. Яздархочунна хьалха цхьа чІогІа гІайгІане болу харц хьехам бу, Дала леррина Къобалвинарг юхавогІур вац бохуш. Цунна жоп а луш, цо дуьйцу Іийса дуьнен тІе юхаваран де тІеккхачаре хьоьжуш кхин а собардан деза, хІунда аьлча Далла «ца лаьа цхьа а хІаллакьхилийта, ткъа массо а адам, шегара даьллачу вочу хІуманна дохко а даьлла, Шена тІедерза лаьа Цунна».

1 Дала леррина къобалвинчу Іийсан лай а,
*векал* а волчу ШамІа-Кипас яздо хІара кехат.
Вайн Дела а, *КІелхьардохург* а волчу Дала леррина
къобалвинчу Іийсан нийсонехула, вайниг санна,
деза тешар тІеэцначаьрга яздо ас. 2 Дела а, вайн
Веза Эла волу Іийса а вовзарехь Делан дика а,
синпаргІато а совйолийла шун.

### Дала тІеккхайкхар а, харжар а

3 Іийсагахь болчу Делан ницкъо оьшуш мел дерг
делла вайна баккъалла а суьпа дахархьама, хІунда
аьлча Шен сийлаллица а, оьздангаллица а вайга
Кхайкхийнарг вевза вайна. 4 Ша лур ду аьлла
сийлахь а, деза а совгІаташ делла Цо вайна Шен
сийлаллехула а, оьздангаллехула а, уьш бахьана
долуш, хьарамчу лаамаша дуьнен чохь лелачу
талхарна гена а девлла, шу Деле терра
хилийтархьама. 5 Цундела аша берриг а ницкъ
тІебахийта шайн тешар оьздангаллица
совдаккхархьама. Ткъа оьздангалла кхетамца
совъяккха. 6 Кхетам юхаозадаларца а, юхаозадалар
собарца а, собар суьпаллица а совдаккха.
7 Суьпалла вежараллица а, вежаралла безамца а
совдаккха. 8 Нагахь и дерриг а, шуьца дан а долуш,
алсамдолуш делахь, вайн Веза Эла, Дала леррина
къобалвина Іийса вовзарехь кхиам а, стом а боцуш
дуьсур дац шу. 9 Ткъа иза шеца доцург бІаьрзе ву.
Цунна хІумма а гур дац. Цо диццдина хьалхалерчу
къинойх ша цІанвар.
10 Цундела, вежарий, кхидІа а хьовсалаш Дала
шаьш тІеккхайкхар а, харжар а бакъ хилар гайта.
Иштта хилахь, цкъа а галдевр дац шу. 11 Иштта
карор бу шуна вайн Везачу Элан, КІелхьардохучун,
Дала леррина къобалвинчу Іийсан даим йолчу
пачхьалкхе кхочу маьрша некъ.
12 Цундела ас иза гуттар а дагахь латтор ду, цунах
дерг шуна хаахь а, шайна деллачу бакъдолчунна
тІехь шу чІагІдина делахь а. 13 Суна нийса хета,
хІара дегІан чарх айса мел лелайо, дагалецамашца
шу карзахдахар. 14 Вайн Везачу Эло, Дала леррина
къобалвинчу Іийсас сайга схьа-ма-хаийттара, хаьа
суна кестта сайн са дегІах къаста дезаш хилар. 15 Со
шух къаьстинчул тІаьхьа а, и дерриг а шуна дагахь
латтийта, сайн ницкъ кхочург дийр ду ас.

### Дала леррина Къобалвинчун сийлалла гина тешаш

16 ХІунда аьлча нехан мекарчу туьйранех тардина
ца дийцина оха шуна, вайн Дала леррина
къобалвина Іийса-Эла вогІур ву аьлла. Тхо тхаьш
Цуьнан сийлалла гина тешаш ду. 17 †ХІунда аьлча
Да волчу Делера схьаэцна Цо сий а, дозалла а,
Шена тІе уггар лакхарчу Паччахьера аз деача: «Иза
Суна дукхавезаш волу Сан кІант ву, Цуьнца бу Сан
лаам!» 18 Стигалара деана и аз тхуна хезира,
Іийсаца безачу лам тІехь тхо долуш.
19 Тхуна хаьа пайхамарийн дош билггала бакъ
дуйла. Цу дашна тІе тидам бахийтар тоьлуш ду
шуна. Боданехь йолу серло санна, ду иза, серлаяла
а йолаелла, Іуьйренан седа шун дегнашкахь
гучубаллалц. 20 Уггар хьалха шуна хаа дезаш ду
Делан Йозанашкара Делера болу хаам шена ма-
хеттара бийцалург цахилар ††. 21 ХІунда аьлча цкъа
а Делера болу хаам адаман лаамца беш ца хилла,
амма наха, Делан Са шайна чохь а лелош, Делера
долу дешнаш дуьйцура.

† *1:17, 18 Маттай 17:1-5; Марк 9:2-7; Лака 9:28-35.* †† *Делера болу хаам шена ма-хеттара бийцалург ца хилар *– я иштта: *Делера болу хаам пайхамарера ша схьабаьлла цахилар.**

### Харцхьехамчаш

2 Халкъана юкъахь харцпайхамарш ма-хиллара,
шуна юкъахь а харцхьехамчаш хир бу. Шайн
къинойх мах дӀабелла волу Хьалдолу Эла дӀа а
тесна, стаг хӀаллакхьуьлуьйту харц хьехамаш
чубахьар бу цара. Иза бахьана долуш шайн
хӀаллакьхилар гергахьа узур ду цу наха.
2 Дукххаберш, царах дӀа а тарбелла, телхар бу, уьш
бахьана долуш бакъдолчун некъ емалбина хир бу.
3 Шайн саьхьараллица шух пайда эца хьовсур бу
уьш, мекара мотт а буьйцуш. Церан Кхелахо
тоххара кийча а ву, уьш ХӀаллакьхуьлуьйтург наб
еш а вац.
4 ХӀунда аьлча къинош летийначу маликашна а
геч ца дина Дала. Жоьжахатин бодашка хьовсийна
Цо уьш, царна тӀехь кхел яллалц, уьш цигахь
буржалш а тоьхна дита. 5 †Хьалха заманахьлера
Ӏеса адам хӀаллакдина Дала, тӀе хи а далийтина.
Делахь а Далла хьалха нийса хиларх лаьцна болу
хьехам бинчу Нохьин доьзалера бархӀ са
кӀелхьардаьккхина Цо. 6 ††ХӀаллакьян кхел а йина,
чим бина дӀаяьхна Цо Седам а, Ӏамор а цӀераш
йолу гӀаланаш, Ӏесачу нахана хиндолчун масал
гойтуш. 7 ‡Боьха мел дерг лелочу харцахьарчу
нахана юкъахь балехь ваьллина Делан лаамехь
волу ЛутӀа кӀелхьарваьккхина Цо. 8 (ХӀунда аьлча
царна юкъахь Ӏийна и Делан лаамехь волу стаг
хӀора дийнахь дагахь бала лаьтташ вара, цу наха
лело боьха гӀуллакхаш ган а гуш, царах дерг хаза а
хезаш.) 9 Везачу Элана хаьа Шен лаамехь берш
церан зенех кӀелхьарбаха а, ткъа Шен лаамехь
боцурш царна кхел ен йолчу дийне хьовсийна,
таӀзар а деш, латто а, 10 къаьсттина шайн догӀмийн
хьарамчу лаамашна тӀаьхьахӀиттинарш а, шайна
тӀехь Деле олалла ца дойтурш а.
КӀоршаме а, шайн лаамехь а болу и
харцхьехамчаш стигалан сийлаллин бахархошна
лен ца кхоьру. 11 Ткъа доьналлица а, ницкъаца а
царал тоьлуш долчу маликаша Везачу Элана
хьалха цу нахана вон дош ца олу. 12 Шайн амалшка
хьаьжжина бен ца лелачу луьрачу хьайбанех тера
бу и нах. Шайна ца хуург емалдо цара. Схьалеца а,
дайа а дуьнен тӀе даьхначу хьайбанех терра, уьш а
хӀаллакьхир бу. 13 Шаьш динчу зуламашна бекхам
хир бу царна. Цу нахана моьтту там хилар – дийнан
делккъехь долу даар-малар а, сакъерар а, телхина
лелар а ду. Сий доцуш а, хӀума сийсаздоккхуш а
болчу царна там хуьлу шайн харцонех, шаьш
шуьца той дуучу хенахь. 14 Хьайна хиларх а,
къинойх а дуьзна ду церан бӀаьргаш. Сина кӀезиг
нах талхабо цара. Церан дегнаш Ӏемина ду
саьхьара гӀуллакхаш лело. НеӀалт хилла нах бу уьш.
15 ‡†Нийса некъ дӀатесна, тилабелла болу уьш, харц
кхоэ сатуьйсуш висинчу БеӀаран кӀентан БалиӀаман
новкъа бевлла. 16 Амма шен харцонна тӀехь бехке
вина БалиӀам. Мотт ца хуучу виркхело, адамийн
маттахь йист а хилла, сацийна цу пайхамаран
хьекъалх тилар.
17 Хи доцучу хьостанех а, мохо лаьхкина юьгучу
марханех а тера бу харцхьехамчаш. Ӏаьржачу
боданехь меттиг ю царна кечйина. 18 Даздина,
даьсса хабарш а дуьйцуш, тилабеллачу нахах
хӀинцца дӀакъаьсташ берш дегӀана там лохучу а,
телхина долчу а хӀуманашка марзбо цара. 19 Цу
нахана паргӀато яла *ваӀда* до харцхьехамчаша,
талхаран леш шаьш доллушехь – стаг ша мел
эшийначун лай ма ву. 20 Нагахь цхьаболу нах вайн
Веза Эла а, *КӀелхьардохург* а волу Дала леррина
къобалвина Ӏийса вовзар бахьана долуш дуьненан
айпечу хӀуманех къаьстинехь, ткъа цул тӀаьхьа
уьш, юха а вочу хӀуманна тӀе а тевжина, цунна кӀел
биснехь, шолгӀа галбевлча, хьалхачул а ледара хир
ду церан хьал. 21 Нийсонан некъ бевзина цахилар
гӀолехь дара царна, иза а бевзина, Дала
тӀедиллинарг дӀа а тесна, хьалхалерчунна тӀе
юхабоьрзучул. 22 ‡‡Амма цаьрца хуьлуш дерг
кицанехь ма-аллара ду:
«ЖӀаьла шен Ӏеттораш тӀе юхадогӀу»,
кхин а:
«ЦӀанйина хьакха хоттала йижа йоьду».

### Веза Эла схьаварах лаьцна

3 ХӀара шолгӀа кехат ду ас шуьга яздийриг, сан
хьоменаш. Царна тӀехь шун цӀена кхетам
самабоккху ас хилларг дагадаийтарца. 2 Дагахь
латтаде шайна хьалха безачу пайхамарша аьлла
дешнаш а, *КӀелхьардохург* волчу Везачу Эло шуна
даийтинчу Шен векалшкахула шайна тӀедиллинарг
а. 3 ‡‡†Уггар хьалха шуна хаа деза, тӀаьхьарчу
деношкахь богӀур бу шайн хьарамчу лаамашка
хьаьжжина бехаш болу нах. Шух кхаьрдаш, 4 цара
бохур ду: «Мичахь ду Иза схьавогӀур ву бохург? Дай
кхалха буьйлабеллехь а, массо а хӀума хийца ца
луш дуьсу, дуьне кхоьлличхьана ма-хиллара».
5 ‡‡‡Иштта бохучарна дицдан лаьа Делан дашца
хьалххе дуьйна стигалш йойла а, латта хих а,
хинехула а кхоьллина хилар а. 6 §Делан лаамца цу
хенахьлера дуьне, хи а хьадийтина, хӀаллакдина.
7 Ткъа иштта Делан дашца латтош йолу хӀинцалера
стигалш а, латта а даго Ӏалашдеш ду, къематан а,
Ӏеса нах хӀаллакбен а де тӀекхаччалц.
8 §†Цхьа хӀума дицдан ца деза аша, хьоменаш,
Везачу Элан цхьа де эзар шо санна ду, ткъа эзар шо
цхьа де санна ду. 9 Цхьаболчарна ма-моттара, Веза
Эла Ша кхочушдийр ду аьлларг юхатоьттуш вац.
Амма Иза собаре ву шуьца, хӀунда аьлча Цунна ца
лаьа цхьа а хӀаллакьхилийта, ткъа массо а адам,
шегара даьллачу вочу хӀуманна дохко а даьлла,
Шена тӀедерза лаьа Цунна.
10 §††Нахана ца хууш вогӀу къу санна, догӀур ду
Везачу Элан де, тӀаккха гӀовгӀанца стигалш

† *2:5 Доладалар 6:1–7:24.* †† *2:6 Доладалар 19:24.* ‡ *2:7 Доладалар 19:1-16.* ‡† *2:15, 16 Лелар 22:4-35.*

‡‡ *2:22 Кицанаш 26:11.* ‡‡† *3:3 Довзийтинарг 1:18.* ‡‡‡ *3:5 Доладалар 1:6-9.* § *3:6 Доладалар 7:11.* §† *3:8 Забур 89:5.*

къайлаеврю, стигалахь мел хуьлуш дерг, серла а
даьлла, догур ду, латта а, дерриг а цу тIехь дерг а,
даьгна, дIадер ду †. 11 Нагахь и дерриг а духург
хилча, шу муха хила деза? Шун дахар цIена а, суьпа
а хила деза, 12 Делан де тIекхачаре сатуьйсуш а, и
тIедар сихдеш а ду шу. Цу дийнахь цIе летта йолу
стигалш юхур ю, стигалахь мел дерг, догуш, дешар
ду. 13 ††Амма, Дала динчу ваIдане а хьаьжна,
нийсонан цIа долчу керлачу стигале а, латте а
сатуьйсуш ду вай.

14 Цундела, хьоменаш, цуьнга сатуьйсуш, шайн
ницкъ кхочург делаш Далла хьалха бехдалаза а,
талхаза а дIахIитта а, Цуьнца бертахь хила а.
15 Вайн Везачу Элан собаре хилар вайн
*кIелхьардовлар* ларалаш, шена деллачу хьекъалца
вайн хьомечу вашас ПахIала шуьга яз-ма-дарра.
16 Цо цунах лаьцна дуьйцу шен массо а кехаташ
тIехь. Кхета хала хIуманаш ду царна тIехь, цундела
кIорггера хаарш доцучу а, динехь чIогIа боцучу а
наха, кхидолу Деза Йозанаш санна, талхадо уьш, цу
бахьаненна шаьш хIаллак а хуьлуьйтуш.

17 Иштта, хьоменаш, хIара дерриг а довзийтина
долу шу ларлолаш, харцхьехамчийн галбаьллачу
новкъахула дIа ца дигийтархьама а, шаьш ондда
лаьтташ долчунна тIера ца дохийтархьама а.
18 Вайн Веза Эла а, КIелхьардохург а волу Дала
леррина къобалвина Iийса вовзарехь а, Цунах
схьадолучу диканехь а алсамдовлалаш. Сий ду
Цуьнан тахана а, тIейогIу йолчу ерриге хенахь а.
*Амин*.

§†† *3:10 Маттай 24:43; Лака 12:39; 1 Тассалникахошка 5:2; Довзийтинарг 16:15.* † *Даьгна, дIадер ду *– цхьадолчу тептарш тIехь: *[Далла хьалха] карор ду.** †† *3:13 ЕшаI-ЯхIу 65:17; 66:22; Довзийтинарг 21:1.*

# 1 Яхьъяс

## Дешхьалхе

коьрта ши Іалашо ю. Цкъа-делахь, дешархой иракарахІиттор – Делаца а, Дала леррина къобалвинчу Цуьнан КІантаца Іийсаца а уллора юкъаметтиг а йолуш, дахархьама. Ткъа, шолгІа-делахь, и юкъаметтиг йохо тарлучу харц хьехамашца лело цадезарг дІахьедар. И харц хьехам иштта бара: дерриг а вониг кху дуьненца йолчу уьйраца доьзна хилча, Делан КІант волу Іийса адам хила баккъалла а йиш яцара. Харцхьехамчаша иштта олура: кІелхьардевлла хилар – иза кху дуьненахь долчу дахаран гІайгІанех паргІатдаьхна хилар ду. Кхин а хьоьхура: кІелхьардовлар доьзна дац цІеначу гІиллакххехь леларца я вовшашка болчу безамца.

Цу харцхьехамна дуьхьалдогІуш, яздархочо чІагІдо, Дала леррина къобалвина Іийса баккъалла а адам хилла хилар. Цул сов, цо хьоьху, Іийсах а тешаш, Дела а везаш волу массо а вовшийн везаш хила бохуш.

### Дахар луш долу Дош

1 †Иза юьхьанца дуьйна долуш дара. Тхуна иза
хаза а хезнера, тхан бІаьргашна иза ган а
гинера. Тхо цуьнга хьовса а хьаьвсинера, тхан
куьйгаш цунах Іотта а деллера. Иза дахар луш долу
Дош дара. 2 ††И дахар гучудаьлча, тхуна иза гира.
Цундела цу бакъдолчу дахарх тоьшалла а до,
кхайкхам а бо оха. И дахар стигаларчу Дегахь дара,
ткъа хІинца тхуна довзийтина иза. 3 Тхайна гиначух
а, хезначух а лаьцна хаам бо оха шуьга. Оха и
дуьйцу, шун а тхоьца уьйр-марзо хилийтархьама.
Ткъа тхан уьйр ю Деца а, Цо леррина къобалвинчу
Цуьнан КІантаца Іийсаца а. 4 ХІара яздо оха, вайн ‡
хазахетар кхоччуш дуьззина хилийтархьама.

### Дела – серло ю

5 Тхуна Цуьнан КІантера хезна болу а, оха шуна
дІакхайкхош болу а кхаъ хІара бу: Дела – серло ю,
Цуьнца цхьа а тайпа бода бац. 6 Нагахь санна
Делаца уьйр ю а бохуш, боданехь лелахь, вай
аьшпаш а бутту, бакъдолчуьнца а ца лела. 7 Амма,
нагахь Дела серлонгахь ма-хиллара, вай а
серлонгахь лелахь, вайн вовшашца уьйр ю, ткъа
Цуьнан КІант волчу Іийсан цІийно вай массо а
къинойх цІандо.
8 Нагахь санна вай ваьшца къа дац бахахь,
тІаккха вай цу дешнашца ваьш Іехадо, вайца
билггал долу бакъдерг а дац. 9 Нагахь ваьш
летийначу къиношна вай даре дахь, Дала вайн
къиношна геч а дийр ду, дерриг а бакъдоцучух вай
цІан а дийр ду, хІунда аьлча Иза тешаме а, бакъ а
ву. 10 Амма вай ваьш къинош ца летийна бахахь,
тІаккха вай Дела харц а во, Цуьнан Дош вайца а
дац.

### Іийса ву вайна ГІодийриг

2 Сан хьоме бераш, шуьга къинош ца
летадайтархьама яздо ас хІара кехат. Ткъа
нагахь цхьаммо къа латадахь, стигаларчу Дена
хьалха лаьтташ волу ГІодийриг ву вайн: Дала
леррина къобалвина Іийса – Делан лаамехь Верг.
2 Иза вайн къинош дІадахаран сагІа ду. Ткъа и
сагІа, вайн къиношна тІера тоьъна а ца Іаш,
дуьнен чуьра массо а адамийн къиношна тІера
тоьар ду.
3 Ткъа вайна Дела вевзина хиларан тоьшалла до
вайна Цо тІедехкина парзаш вай лардаро. 4 Шена
Дела вевза а бохуш, парзаш лардеш воцург
харцлуьйш а ву, цуьнца бакъдерг а дац. 5 Ткъа
Делан дош лардеш волчунна чохь Делан безам
билггал буьззина бу. Вай билггал Делаца хиларан
билгало иштта ю: 6 шен Делаца уьйр ю бохург Іийса
ма-леллара лела веза.

### Керла парз

7 ‡†Сан хьоменаш! Ас шуьга яздийриг керла парз
дац – иза, баккъалла а аьлча, шира парз ду,
юьхьанца дуьйна а шуна Дала делла долу. Шира
парз – Дош ду, шуна хезна долу. 8 ХІетте а аса
яздийриг керла парз хета мега. Дала леррина
Къобалвинчо а, аша а гойту иза бакъ хилар, хІунда
аьлча бода дІаболу, ткъа билггал йолу серло
хІинцале а къегаш ю.

† 1:1 Яхьъя 1:1. †† 1:2 Яхьъя 1:14. ‡ Вайн *– цхьадолчу тептарш тІехь: *шун.*

‡† 2:7 Яхьъя 13:34.

9 Ша серлонгахь лела а бохуш, ткъа шен динан
веше цабезам берг хIинца а боданехь лела. 10 Ткъа
шен динан вежарий безаш верг серлонгахь Iаш ву
– стаг галволуьйтуш дерг а дац цуьнца. 11 Амма шен
динан ваша цавезарг боданехь ву. Иза боданехь
лела гIерташ ву. Цунна шена а ца хаьа, ша мича
воьду, хIунда аьлча цу бодано иза бIарзвина.
12 Ас яздо шуьга, сан хьоме бераш,
Дала леррина Къобалвинчо динарг бахьана
долуш шун къиношна гечдина дела.
13 Ас яздо шуьга, дайшка,
юьхьанца дуьйна волуш Верг шуна вевза дела.
Ас яздо шуьга, къонахошка,
иблисал шу тоьлла дела.
14 Ас яздина шуьга, сан динан бераш,
стигалара Да шуна вевзина дела.
Ас яздина шуьга, дайшка,
юьхьанца дуьйна волуш Верг шуна вевзина дела.
Ас яздина шуьга, къонахошка,
шу доьналла долуш долу дела а,
Делан Дош шун даг чохь лаьтташ долу дела а,
иблисал шу тоьлла долу дела а.
15 ХIара дуьне а, цунна чохь мел дерг а ма
дезалаш! Нагахь санна цхьаъ хIара дуьне дезаш
велахь, стигаларчу Ден безам цуьнца бац. 16 ХIара
ду дуьнен чохь мел долу хIума: къилахь болу
лаамаш хилар, адамийн цхьана хIуманна бIаьрган
хьагам хилар, адамаша шайн долчух а, шаьш
динчух а куралла яр. Ткъа стигалахь волчу Дегара
дац уьш – кху дуьненара ма ду и дерриге а. 17 Дуьне
а, дуьненан лаамаш а дIабевр бу, ткъа Делан лаам
кхочушбеш мел волчун хедар доцу дахар ду.

## Дала леррина Къобалвинчун мостагIа

18 Сан динан бераш! ХIара кху дуьненан тIаьхьара
зама ю. Шуна хезнера, *Дала леррина
Къобалвинчунна дуьхьал верг* вогIур ву аьлла.
Ткъа хIинцале а дукха баьржина Дала леррина
Къобалвинчунна дуьхьал берш. Цунах хаьа вайна,
хIара билггал тIаьхьара зама юйла. 19 И дуьхьал
берш, цкъа вайн гуламна юкъахь а хилла, хIинца
вайна юкъара дIабевлла. Бакъдерг аьлча, уьш
цкъа а бацара вайна юкъабогIуш. Нагахь уьш
билггал вайна юкъара хиллехьара, уьш вайца
буьсур бара. Амма уьш вайна юкъара дIабовларо
гойту, царах цхьа а билггал вайна юкъавогIуш ца
хилар.
20 Ткъа шу Дала Вазвинчо къобалдина ду, цундела
шуна массарна а бакъдерг хаьа. 21 Шуна билггал
долу бакъдерг ца хаьа аьлла, ца яздо ас шуьга.
Мелхо а, ас яздо шуьга, шуна и бакъдерг хаьа дела
а, иштта цу бакъдолчуьнца цхьа а харцдерг
доцийла шуна хаьа дела а.
22 Ткъа мила ву уггар харцлуьйриг? Иза ву Iийса
*Дала леррина Къобалвинарг* хилар тIе ца лоцург.
Иштта стаг Дала леррина Къобалвинчунна дуьхьал
верг ву – стигалара Да а, *Делан КIант* а тIе ца лоцу
цо. 23 Делан КIант къобал ца вечу хIораммо а
стигалара Да а къобал ца во. Ткъа Делан КIант
къобалвечо стигалара Да а къобалво.
24 Шайна юьхьанца дуьйна хезнарг даим а
латтаде шайн даг чохь. Нагахь санна иза иштта
хилахь, Делан КIантаца а, Цуьнан Деца а йолу шун
уьйр даим а лаьттар ю. 25 Ткъа Цо вайна лур ду
аьлла *ваIда* ду: хедар доцу дахар.
26 ХIара ас яздина шу ледан лууш болчарах
лаьцна шуьга дIахьедан. 27 Амма шу Делан КIанта
къобалдина ду, ткъа иза шуьца дуьсу. Цундела
шуна кхин хьехархо ца оьшу – цу къобалдаро шуна
дерригенах лаьцна хьоьху. Ткъа иза харц дац – иза
билггал бакъдерг ду. Иштта, Дала леррина
Къобалвинчуьнца хила даим а, Цо шайна ма-
хьеххара.
28 Иштта, сан хьоме бераш, кхидIа а хилалаш
Цуьнца, Иза веанчу хенахь шаьш доьналла долуш
хилийта а, Цунна хьалха шайна эхь ца хетийта а.
29 Нагахь шайна Иза Делан лаамехь Верг вуй хууш
хилча, хаалаш, хIора Делан лаамехь лелаш верг
Делах схьаваьлла вуйла а.

## Делан бераш

3 †Хьовсийша, мел кIоргге дезна вай стигаларчу
Дена. Вайх Делан бераш ду аллал боккха бу
Цуьнан безам. Иштта, вай билггал Цуьнан бераш
ду. Амма дуьненна вай ца девза, хIунда аьлча
стигалара Да ца вевзина цунна. 2 Сан хьоменаш!
ХIинца вай Делан бераш ду, амма кхул тIаьхьа вайх
муьлш хир ду цкъа хIинца а дIа ца делладелла
вайна. Вайна хаьа, *Дала леррина Къобалвинарг*
веанчу хенахь, вай а Цунах терра хир дуй, Иза Ша
ма-варра вайна гун волу дела. 3 Иштта Цунах
сатийсар долуш Iаш волчу хIораммо а ша цIанво, И
санна цIена хилархьама.
4 Къинош летош мел верг Iеса лелаш ву, ткъа
къинош летор Iесалла ду. 5 ††Шуна ма хаьа, Иза
къинош ‡ дIаэцархьама веана хилар. Ткъа Цуьнца
шеца-м къинош дан а дац. 6 Цуьнца волчо цхьаммо
а къа ца латадо. Ткъа къа латош болчех цхьанна а
Иза ган а ца гина, Иза вовза а ца вевзина.
7 Сан хьоме бераш! Цхьаммо а нийсачу новкъа
тIера шу дIа ма дохийла! Делан лаамехь лелаш
верг – Делан лаамехь ву, Дала леррина
Къобалвинарг а Делан лаамехь ма-хиллара. 8 Къа
латориг иблисах схьаваьлла, хIунда аьлча иблисо
юьхьанца дуьйна а къа латадо. Цундела *Делан
КIант* веана цу иблисан гIуллакхаш дохорхьама.
9 Делах схьаваьлла волчо цхьаммо а къа ца
латадо, Делан хIух схьа а ваьлла, шен амал Цуьнан
амалх тера йолу дела. Ткъа ша Делах схьаваьлла
хиларна, цуьнга къа ца латало. 10 Делан бераш а,
иблисан бераш а вовшах иштта къастало. Делан
лаамехь мел воцург а, шен динан ваша цавезарг а
Делан бер дац.

---

† *3:1 Яхьъя 1:12.* †† *3:5 Яхьъя 1:29.* ‡ *Къинош *–
цхьадолчу тептарш тIехь: *вайн къинош.**

### Вовшийн дезалаш

11 †Юьххьехь дуьйна а вайна кхайкхийна болу
*хаза кхаъ* вай вовшийн дезаш хила деза аьлла бу.
12 ††Кхаим санна ма хилалаш, иза иблисан долахь а
вара, цо шен ваша а вийра. Ткъа хIунда вийра цо
иза? Шен гIуллакхаш зуламе хилла дела, ткъа
цуьнан вешин гIуллакхаш Делан лаамехь долу
гIуллакхаш хилла дела.
13 Динан вежарий, цец ма дийлалаш, нагахь
дуьненна шаьш ца дезалахь. 14 ‡Вайна-м хаьа,
ваьшна динан вежарий беза дела, вай, деллачуьра
ден а делла, бакъдолчу дахаре девллийла. Ткъа
шен ваша цавезарг хIинца а Iожаллин карахь ву.
15 Шен динан ваша цавезарг адам дуьйш верг
санна ву. Ткъа шуна-м хаьа, адам дуьйш долчу
цхьана а адаман Делаца долу дахар ца хуьлийла.
16 Амма Iийсас вайн дуьхьа Шен са дIадалар
бахьанехь, бевзина вайна безам. Вай а кийча хила
деза вешан динан вежарийн дуьхьа са дIадала.
17 Нагахь цхьаннан, ша дика хьал долуш вехаш
воллушехь, халла воллучу шен веше къинхетам
бацахь, тIаккха Делан безам муха хир бу цуьнца?
18 Сан хьоме береш! Дашца а, маттаца а доцуш,
гIуллакхца а, билггал долчу бакъдолчуьнца а
дезийла вайна вовшийн.

### Тединчу дегнашца Далла хьалха хилар

19 Иштта вайна хаа тарло, ваьш билггал
бакъдолчух дуйла. Цундела Цунна хьалха вешан
дегнаш тедан тарло вай, 20 вешан дегнаша вайна
кхел еш елахь а. Дела вайн дегнел а сов ву, Цунна
дерриг а хаьа. 21 Сан хьоменаш! Нагахь санна вайн
дегнаша ваьшна кхел еш ца хилча, Далла хьалха
доьналла долуш хила таро ю вайн. 22 ТIаккха,
Цуьнан весеташ кхочуш а деш, Делан лаамехь вай
леларна, хIуъа а вай дехнарг лур ду Цо вайна.
23 ‡†Ткъа Делан весет ду: Цуьнан КIант волчу, Цо
леррина къобалвинчу Iийсан цIарах а тешаш, Цо
вайна тIе-ма-диллара, вайна вовшийн дезар.
24 Делан весеташ кхочушдеш верг Делаца ву, Дела а
ву цуьнца. Ткъа Иза вайца хилар вайна хаьа, Цо
вайна деллачу Синехула.

### Билггал бакъдолу Са а, адам тилош долу са а

4 Сан хьоменаш! Муьлх-муьлххачу а синах ма
тешалаш, амма и синош таллалаш, уьш Делера
дуй те а хьожуш. ХIунда аьлча дуьнен чохь дукха
харцпайхамарш баьржина. 2 Делан Са иштта
къасталур ду шуьга: Дала леррина къобалвина
Iийса, адам санна, веана хилар къобалдо са –
Делера ду. 3 Ткъа Iийса къобалвеш доцу са – Делера
дац, иза – Дала леррина Къобалвинчунна дуьхьал
волчун са ду. Шуна хезна, иза догIур ду аьлла, иза
хIинцале а долуш а ду дуьнен чохь.
4 Сан хьоме береш! Шу Делера ду. Шу тоьлла
харцпайхамарел, хIунда аьлча шуьца Верг
нуьцкъала ву кху дуьненахь олалла деш волчул.
5 Уьш кху дуьненара бу, цара а кху дуьненара
болчара боххург боху, дуьнено ла а дугIу цаьрга.
6 Амма вай Делера ду. Дела шена вевзачо вайга ла
а дугIу. Ткъа ша Делера воцучо вайга ла ца дугIу.
Иштта къастало вайга билггал бакъдолу са а, адам
тилош долу са а.

### Дела Ша – безам бу

7 Сан хьоменаш! Вай вовшийн дезийла, хIунда
аьлча безам Делера бу. ХIора шеца безам болуш
верг Делах схьаваьлла ву, цунна Дела а вевза.
8 Шеца безам боцучунна Дела ца вевза, хIунда
аьлча Дела Ша а безам бу! 9 Дала Шен вайга болу
безам гайтина, Шен цхьаъ бен воцу КIант кху
дуьнен чу а ваийтина, Цуьнгахула вайн бакъдолу
дахар хилийтархьама. 10 Бакъболу безам иштта бу:
вайна Дела везар бахьанехь а доцуш, амма Далла
вай дезарна, Цо Шен КIант ваийтира вайн къинош
дIадахаран сагIа санна.
11 Сан хьоменаш! Далла вай оццул дукха дезаш
хилча, вай вовшийн дезаш хила а деза. 12 ‡‡Дела
цхьанна а, цкъа а гина вац. Амма вайна вовшийн
дезаш хилча, Дела Ша а вайца ву, ткъа вайна чохь
Цуьнан безам а билггал буьззина бу.
13 Вайн Делаца хилар а, Иза вайца хилар а вайна
хаьа, Цо вайх Шен Синан декъашхой дина дела.
14 Ткъа вайна ган а гира, вай тоьшалла а до Дас
Шен КIант дуьнен чуьра адамаш *КIелхьардохург*
санна ваийтина хиларх. 15 Нагахь цхьаммо Iийса
*Делан КIант* хиларх тоьшалла дахь, цуьнца Дела а
ву, ткъа иза Делаца а ву. 16 Ткъа вайна Делан
ваьшга болу безам бовза а бевзина, вай цунах
теша а тешна.
Дела Ша а безам бу. Безамца верг Делаца а ву,
Дела цуьнца а ву. 17 Вайна чохь безам буьззина
хилар иштта гучудолу: вай къематан дийнахь
доьналла долуш хир ду, вай кху дуьнен чохь Иза
санна лела дела. 18 Безамца кхерам а бац. Ткъа
буьззина бакъболчу безамо кхерам дIатотту, хIунда
аьлча кхерам гуттар а таIзарца боьзна хуьлу.
Кхоьруш волчун буьззина бакъболу безам бац.
19 Вайна Иза веза, дуьххьара Цунна ваьш дезна
дела. 20 Суна Дела веза а бохуш, ткъа шен динан
ваша цавезарг аьшпаш буттуш ву. ХIунда аьлча
шена дуьхьал лаьтташ волу шен динан ваша
цавезачунна, шена гуш воцу Дела а везалур вац!
21 Цо вайна дитина долу весет иштта ду: «Дела
везаш верг шен динан ваша а везаш хила веза».

### Дуьненна тIехь болу толам

5 Iийса *Дала леррина Къобалвинарг* хиларх
тешаш волу хIора а Делах схьаваьлла ву. Ткъа
динан береш кхуллуш волу Дела везачу хIоранна а

† *3:11 Яхьъя 13:34.* †† *3:12 Доладалар 4:8.* ‡ *3:14 Яхьъя 5:24.* ‡† *3:23 Яхьъя 13:34; 15:12, 17.*

‡‡ *4:12 Яхьъя 1:18.*

Делах даьлла долу бераш а деза. 2 Делан бераш
вайна дезаш хилар вайна гойту, Дела а везаш,
Цуьнан весеташ вай кхочушдаро. 3 †ХIунда аьлча
Деле безам хилар – Делан весеташ кхочушдар ду.
Ткъа Делан весеташ кхочушдан тIех хала а дац,
4 хIунда аьлча ша Делах схьаваьлла мел волчо
дуьненна тIехь толам боккху. Ткъа дуьненна тIехь
баьккхина болу и толам вайн тешар бахьана долуш
баьккхина бу. 5 Iийса *Делан КIант* ву аьлла, тешаш
волчо бен кхин хьан боккхур бара кху дуьненна
тIехь толам?

## Дала леррина къобалвинчу Iийсах деш долу тоьшалла

6 ХIара ву хица а, цIийца а Веанарг: Дала леррина
къобалвина Iийса. Иза хица веана а ца Iаш, амма
хица а, цIийца а веана ву. Ткъа Делан Сино
тоьшалла до цунах, хIунда аьлча Делан Са билггал
долу бакъдерг ду. 7 Кхо теш ву: 8 Делан Са а, хи а,
цIий а. Цу кхааммо а оцу цхьана хIуманах
цхьатерра тоьшалла до. 9 Вай теша адамаша дечу
тоьшаллех, ткъа Делан тоьшалла дуккха а
нуьцкъала ду. Дала Ша тоьшалла дина Шен КIантах
лаьцна. 10 Делан КIантах тешаш волчун и тоьшалла
даг чохь ду. Ткъа ша Делах цатешачо Дела аьшпаш
буттург во, хIунда аьлча иза Дала Шен КIантах
аьллачух ца теша. 11 ††И тоьшалла иштта ду: Дала
вайна хедар доцу дахар делла. Ткъа и бакъдолу
дахар Цуьнан КIантаца ду. 12 КIантаца уьйр йолчун
бакъдолу дахар ду. Ткъа КIантаца уьйр йоцучун
бакъдолу дахар дац.

† *5:3 Яхьъя 14:15.* †† *5:11 Яхьъя 3:36.*

## Бакъдолу дахар

13 Аса хIара яздина шуьга, Делан КIантах шу
тешаш хиларна, шун бакъдолу дахар дуйла шуна
дIахаийтархьама. 14 Иза бахьана долуш Далла
хьалха доьналла долуш хила таро ю вайн. Нагахь
вай Цуьнан лаамехь долу цхьа хIума Цуьнга
дехахь, Цунна вай бохург дIахезар ду. 15 Вай
деххнарг хIуъа а Цунна дIахезаш хилар хууш хилча,
вайна хаьа, доьхуш дерг вайн долуш дуйла.
16 Нагахь цхьанна шен динан вашас валарна доцу
къа латош гуш делахь, тIаккха цо доIа дан деза.
Ткъа Дала дахар лур ду цунна. Аса бохурш валаре
далош доцу къинош ду. Амма къиношна юкъахь
валаре далош долу къа а ду, цунна тIера деха ца
боху аса. 17 Муьлхха а харцдерг къилахь ду. Амма
валаре далош доцу къинош а ду.
18 Вайна хаьа, ша Делах схьаваьлла волчу
цхьаммо а къа ца латадойла. Ткъа Делах
схьаваьлла Волчо иза ларво – иблисе зе ца дало
цунна.
19 Вайна хаьа вай Делан долахь хилар а, дерриге а
дуьне иблисан карахь хилар а.
20 Иштта вайна хаьа, Делан КIанта, ван а веана,
кхетам ваьшна беллийла, билггал бакъволу Дела
вайна вовзийтархьама. Ткъа вай, бакъволчу
Делаца хилла а ца Iаш, Цо леррина къобалвинчу
Цуьнан КIантаца Iийсаца а ду. Иза ву билггал
бакъволу Дела а, бакъдолу дахар а!
21 Сан хьоме бераш! ЦIуйх ларделаш шаьш.

# 2 Яхьъяс

### Дешхьалхе

«тхьамдано» яздина ду «хаьржинчу зудчуьнга а, цуьнан берашка а». Схьахетарехь, и «зуда» цхьа динан тоба ю, ткъа и бераш цу тобанан декъахой бу. ХIокху доццачу кехат тIехь яздархочо кхайкхам бо, вовшийн деза бохуш. Цул сов, харцхьехамчех а, церан хьехамех а ларло боху цо.

1 Тхьамда волчу аса яздо хаьржина зуда йолчу
хьоьга а, хьан берашка а. Суна шу баккъал а
деза, ткъа суна дезна а ца Iаш, билггал долу
бакъдерг девзинчу массарна а дезаш ду шу.
2 ХIунда аьлча билггал бакъдерг вайца долуш а ду,
абадехь хир а ду.
3 Да волчу Делера а, Ден КIант волчу Цо леррина
къобалвинчу Iийсагара а долу дика а, къинхетам а,
синпаргIато а хир ю билггал долу бакъдерг девзаш
а, вовшийн дезаш а долчу вайца.

### Билггал бакъдерг а, безам а

4 Суна чIогIа хазахийтира, вайга стигаларчу Дас
весет ма-дарра, хьан берех цхьадерш билггал
бакъдолчуьнца лелаш хилар. 5 †Ткъа хIинца ас яздо
хьоьга, зуда, керла а доцуш, амма юьхьанца
дуьйна а хиллачу весетах лаьцна. И весет вай
вовшийн дезаш хила деза аьлла ду. 6 (Ткъа безам
иштта бу: стигаларчу Ден весеташ лар а деш, вай
лелар.) Иза шуна юьхьанца дуьйна а хезна долу
весет ду, и лардеш шу лелийтархьама.
7 ХIунда аьлча адамаш Iехош болу дуккха а нах
баьржина дуьнен чохь. Цара Дала леррина
къобалвина волу Iийса, адам санна, дуьнен чу
валар тIе ца дуьту. Иштта волу хIора стаг адамаш
Iехориг а, *Дала леррина Къобалвинчунна дуьхьал
верг* а ву. 8 Къа а хьегна, вай даьккхинарг, аша дайа
а ца дойуш, цунах юьззина ял шайна схьаэца
хьовсалаш.
9 Дала леррина Къобалвинчун хьехамаша
бохучунна тIе а детташ, уьш лар а ца беш волчу
муьлххачун а Делаца уьйр яц. Дала леррина
Къобалвинчун хьехамаш лар а беш, Iаш волчун
Деца а, КIантаца а уьйр ю. 10 Нагахь шеца и
хьехамаш а боцуш, ткъа кхин хьехамаш бахьаш
цхьаъ шу долчу вагIахь, аша цIа чу а ма вита иза,
цуьнга маршалла а ма хатта. 11 ХIунда аьлча цуьнга
маршалла хоттуш верг цуьнан зуламечу
гIуллакхийн декъашхо хуьлу.

### Чаккхе

12 Дуккха а дара сан шуьга яздан, амма иза
шекъанца кехата тIехь яздан ца лаьа суна. Ткъа аса
сатуьйсу, шу долчу а веана, юьхь-дуьхьал а волуш,
дерриг а дIадийцаре, вай даккхийдер кхоччуш
дуьззина хилийтархьама.
13 Маршалла доуьйту хьоьга хаьржина йолчу хьан
йишин бераша а.

† 1:5 *Яхьъя 13:34; 15:12, 17.*

# 3 Яхьъяс

## Дешхьалхе

«тхьамдано» Iийсах тешачийн тобанан цхьана куьйгалхочуьнга яздина ду. Цу куьйгалхочун цIе Гаяс ю. Яздархочо хаставо Гаяс, цо динан вежаршна гIо дар бахьана долуш. КхидIа цо Гаясе Дайтарпан цIе йолчу цхьана стагах лаьцна дIахьедар до.

1 †Тхьамда волчу аса яздо хьоьга хIара кехат,
сан хьоме Гаяс. Суна хьо билггал дукхавеза.
2 Сан хьоме доттагIа, ас доIа до, хьо могуш-
маьрша хилийтар а, массо а агIор хьан дика
хилийтар а доьхуш, хьан синан агIо дика ма-
хиллара. 3 Суна чIогIа хазахийтира, цхьаболчу
динан вежарша, кхуза а баьхкина, тоьшалла дича,
хьо билггал долчу бакъдолчунна тешаме а ву,
цуьнца хьо кхидIа а лелаш ву аьлла. 4 Суна массо а
хIуманал хазахеташ дерг ду, сан динан бераш
гуттара а билггал бакъболчу некъахула лелар.

### Гаяс хаставар

5 Сан хьоме доттагIа, динан вежаршна дечу
гIуллакхашна тIехь хьо чIогIа тешаме ву, уьш
хьайна бевзаш а боццушехь! 6 Кхузахь йолчу динан
тобанна хьалха цара тоьшалла дира хьан безамах.
Далла хазахетачу тайпана уьш новкъа бахар дика
хир дара хьуна. 7 Дала леррина Къобалвинчун
дуьхьа буьйлабелла лелаш ма бу уьш, дин доцучу
нахе гIо а ца доьхуш. 8 Цундела вай, динан
вежарша, ишттачу нахана оьшшург дIадала деза,
вай ваьш а бакъдолчун дуьхьа цара дечу
гIуллакхийн декъахь хилархьама.

### Дайтарпан а, Дамарти а

9 Хьо вехачохь йолчу динан тобане кехат
яздинера ас, амма Дайтарпана со къобал ца во,
хIунда аьлча цунна динан тобанан коьртехь ша
хила лаьа. 10 Цундела со шу долчу веача, аса динан
тобане ма-дарра дIадуьйцур ду Дайтарпана
лелочух лаьцна. Цо тхох лаьцна харцдерг дуьйцу,
ткъа, иза дина а ца Iаш, тхан динан вежарий тIе а
ца оьцу цо. Ишттa цо новкъарло йо оцу тобанехь
болу и динан вежарий тIеэца лууш болчарна а. Цо
уьш динан тобанна юкъара дIа а боху.
11 Хьоме доттагIа! Зулам лелочарах тар ма лолахь,
амма дика дечу адамех тера хилалахь. Дика дечун
гIуллакхаша гойту – иза Делера хилар. Ткъа зулам
лелочун гIуллакхаша гойту – цунна Дела гина ца
хилар.
12 Динан тобанна юкъарчу хIораммо а тоьшалла
до Дамарти дика стаг хиларх. Бакъдолчо а
тоьшалла до цунах. Ишттa оха а тоьшалла до иза
дика стаг хиларх. Ткъа шуна-м хаьа, оха до
тоьшалла бакъ дуйла.

### Маршаллаш

13 Кхин дуккха а хIума дара сан хьоьга яздан,
амма шекъанца кехата тIехь яздан ца лаьа суна
иза. 14 Аса дог доху, кестта хьо гаре, юьхь-дуьхьал а
волуш, вовшашца къамел дархьама.
15 Маьрша Iойла хьо!
Хьан доттагIаша маршаллаш доуьйту хьоьга.
Хьан тобанехь волчу хIоранга а шен-шен цIарах
маршалла далар доьху ас.

† *1:1 Векалийн 19:29; Римхошка 16:23; 1 Коринтхошка 1:14.*

# ЯхIуда

## Дешхьалхе

шаьш тешархой бу аьллачу харцхьехамчашна дуьхьал дIахьедар до. ХIара доца кехат тера ду. Шен кехатца яздархочо дешархой иракарахIиттабо: «Дала делла долу тешар чIагIдарехьа къийсам латтабе», – бохуш.

1 †Дала леррина къобалвинчу Iийсан лено,
Якъубан вашас, ЯхIуда Дала тIеккхайкхинчу а,
Да волчу Далла безачу а, Дала леррина
къобалвинчу Iийсас ларбечу а нахе: 2 Делан
къинхетам а, синпаргIато а, безам а совболийла
шуна юкъахь.

### Харцхьехамчаш

3 Хьоменаш! Вайн массеран а кIелхьардовларх
яздан кIорга лаам боллушехь, шуьга, цкъа массо а
ханна Дала Шен нахана делла долу дин
чIагIдарехьа къийсам латтабе аьлла, яздан дезаш
хийтира суна, 4 хIунда аьлча шуна уллохь
хIилланца нисбелла цхьа Iеса нах. Дукха хенахь
дуьйна Делан Йозанашкахь дIаяздина ду, Дала
царна кхел йийр ю аьлла. Вайн Делан маьхза долчу
диканах лаьцна болу кхаъ харцахьа берзийна
цара, шайн маьттаза лелар бакъдархьама. Ткъа
цхьаъ бен воцу вайн Хьалдолу а, Веза а Эла, Дала
леррина къобалвина Iийса, тIе ца оьцу цара.
5 ††Шуна иза хууш делахь а, шуна дагадаийта лаьа
суна, Везачу Эло Мисар-махкара Шен халкъ
арадаккхар а, амма тIаьхьо халкъана юкъара Шех
цатешнарш хIаллакбар а. 6 Иштта шуна дагадан
деза, шайн даржана реза ца хилла а, шайн хIусам
дIатесна а долу маликаш, гуттаренна а йолчу ханна
буржалш а тоьхна, боданехь латтадо Цо доккхачу
къематдийнахь кхел ярхьама.
7 ‡Дагахь латтаде иштта, и маликаш санна,
телхина яра Седам а, Iамор а, царна гонахара
гIаланаш а. Маьттаза хIуманаш лелийна йолу а,
боьха гIуллакхаш лело лууш йолу а уьш гуттаренна
а йогуш йолчу цIеран таIзаран кхелана йитина ю
кхечарна масална. 8 Иштта сатийсаре бевллачу кху
наха шайн догIмаш а бехдо, хьаькамаш а ца лору,
стигалан сийлаллин бахархой а емалбо. 9 ‡†Мусан
докъах лаьцна ша иблисаца къуьйсучу хенахь
коьртачу Микаал-малико, Iоттар еш бехке хIума
ала а ца даьхьна, иштта аьлла: «Везачу Эло таIзар
дойла хьуна». 10 Амма кху наха шайна цахуург
емалдо. Шайн амалшка хьаьжжина, шаьш, луьра
дийнаташ санна, кхета хIуманаш бахьана долуш
цара шаьш хIаллакбо. 11 ‡‡Къа ду церан, хIунда
аьлча Кхаиман новкъахула боьлхура уьш, БалиIам
санна, кхаьънашка марзбелира уьш, Кхорахь
санна, гIевттира уьш, ткъа иза санна, хIаллак а хир
бу уьш. 12 Шун бертан пхьорашкахь цу наха шу
юьхьIаьржачу хIиттадо. Эхь ца хеташ, шуьца
шуьнехь Iаш бу уьш, амма шайн бен бала хир бац
церан. Мохо лело, догIа доцу мархаш ю уьш, стом
боцу гуьйренан дитташ ду, шаьш лаьттах
орамашца схьадахарна шозза делла долу. 13 Шайн
эхьечу гIуллакхийн чопа тIеяьлла йолу хIордан
буьрса тулгIенаш ю уьш, кхерста седарчий ду уьш,
гуттар а лаьттачу Iаьржачу боданехь меттиг
кечйийна долу.
14 ‡‡†Адаман ворхIалгIачу тIаьхьенах волчу ХIаноха
а Делера болу хаам бина царах: «Веза Эла ву Шен
дагар ца даллал дукха долчу дезачу маликашца
вогIуш 15 массарна а кхел ян а, адамашна юкъара
Iеса нах цара дина Iеса гIуллакхаш бахьанехь а,
Далла дуьхьал аьлла кIоршаме дешнаш бахьанехь
а уьш бехке бан а».
16 Цхьана а хIуманна реза а боцуш, шайн вочу
лаамашка хьаьжжина а лелаш, хамталлаш еш болу
нах бу уьш. Дегала дешнаш ду церан багахь. Шайн
аьттонна нахана хьестало уьш.

### Лардар а, хьехам бар а

17 Амма аша, хьоменаш, дагахь латтаде вайн
Везачу Элан, Дала леррина къобалвинчу Iийсан
векалша хир ду аьлларг. 18 ‡‡‡Цара бехира шуьга,
тIаьхьарчу хенахь богIур бу шайн Iесачу лаамашка

† 1:1 Маттай 13:55; Марк 6:3. †† а: Арадаккхар 12:51; б: Лелар 14:29, 30. ‡ 1:7 Доладалар 19:1-24. ‡† а: Даниал 10:13, 21; 12:1; Довзийтинарг 12:7; б: Карлабаьkkхинарг 34:6; ц: Закри-ЯхIу 3:2.

‡‡ а: Доладалар 4:3-8; б: Лелар 22:1-35; ц: Лелар 16:1-35. ‡‡† 1:14 Доладалар 5:18, 21-24. ‡‡‡ 1:18 2 Кипин 3:3.

хьаьжжина лелаш, кхаьрдаш болу нах. [19] Шу
вовшах а къоьстуьйтуш, шайн синойн лаамашна
тIаьхьабевлла лела нах бу уьш. Цаьрца Делан Са
дац. [20] Ткъа аша, хьоменаш, шайн уггар дезачу
динехь чIагI а луш, Делан Синан гIоьнца доIанаш а
деш, [21] Делан безамехь шаьш Iалашде, вайн Везачу
Эло, Дала леррина къобалвинчу Iийсас, Шен
къинхетамца Дела волчохь хедар доцу дахар
даларе а хьоьжуш.

[22] Шеко йолуш болчаьрца къинхетаме хила,
[23] вуьш, цIергара схьа а бохуш, кIелхьарбаха, ткъа
кхечаьрца, лар а луш, къинхетаме хила, амма
церан хьарамчу сино сийсазйина бедар ма еза.

### Хасторан доIа

[24] Шу охьаэгарх лардан а, цIена а долуш, доккхачу
хазахетарца Шен сийлаллина хьалха хIотто а
ницкъ бу Делан. [25] Цхьаъ бен воцучу а, вайн Веза
Эла волчу, Дала леррина къобалвинчу Iийсагахула
вай кIелхьардохучу а Далла сий а, паччахьалла а,
ницкъ а, олалла а хуьлийла, азалера дуьйна а,
хIинца а, абаденналц а. *Амин.*

# Довзийтинарг

### Дешхьалхе

Іийсан нах Іазапехь хиллачу хенахь яздина дара, хІунда аьлча уьш Дала леррина къобалвина Іийса Веза Эла хиларх тешнера. Яздархочун коьрта Іалашонаш ю дешархой иракарахІиттор а, царна дегайовхо ялар а, иштта шаьш баланаш а, Іазапаш а ловш долчу хенахь кхидІа тешаме дисаре кхайкхар а. Тептар тІехь йоккха меттиг дІалоцуш ду Дала довзийтина цхьадолу гІуллакхаш а, Дала хІиттийна цхьадолу суьрташ а. Уьш билгалонашкахь дуьйцуш ду. Іийсах тешна болу хІетахьлера нах цу билгалонех кхетар бара, амма кхечарна массарна а церан маьІна девзар дацара. Мукъаман дакъош санна, кху тептаран ойланаш тайп-тайпана суьрташ хІиттарца мосуьйттазза карлайохуш ю. Тептаран маьІна ма-дарра муха дан деза аьлла, тайп-тайпана хетарш делахь а, цуьнан коьрта ойла шеко йоцуш иштта ю: Веза Эла волчу, Ша леррина Къобалвинчуьнгахула Дала тІаьххьара а Шен мостагІашна тІехь (царна юкъахь иблис а долуш) кхоччуш толам боккхур бу. И толам баккхар чекхдаьллачул тІаьхьа, Шена тешаме болу нах декъалбийр бу Цо, керла стигал а, керла латта а луш.

**1** Шен ялхошна кестта хила дезарг довзийтархьама, Ша леррина къобалвинчу Іийсагахула гучуяьккхира Дала и къайле. Цо иза Шен ялхо волчу Яхьъяга дІахаийтира, цунна тІе Шен малик а дахийтина. [2] Яхьъяс ма-дарра дийцира Делан дашах а, Дала леррина къобалвинчу Іийсас динчу тоьшаллех а лаьцна шена мел гинарг. [3] Декъала ву хІара Делера бинчу хааман дешнаш доьшург. Декъала бу, цу хааме ла а дугІуш, хааман тептар тІехь яздинарг лардийраш, и дерриге а кестта хир долу дела.

### Іийсах тешначу динан ворхІ тобане дахьийтина маршаллаш

[4] †Векал волчу Яхьъяс Асиа-махкарчу динан ворхІ тобане яздо:
Делан дика а, синпаргІато а хуьлийла шуна даим волуш волчу а, хилла волчу а, вогІун волчу Делера а, иштта Цуьнан Іаршана †† хьалха лаьтташ долчу ворхІ синера а, [5] ‡билггала бакъволу теш волчу а, дуьххьара беллачарна юкъара денвелла волчу а, лаьттарчу паччахьийн Олахо волчу а Дала леррина къобалвинчу Іийсагара а.
Вай дукха а дезаш, вайн къинойх Шен цІийца вай кІелхьара а даьхна, [6] ‡†Цо вайх динан дайн пачхьалкх йина, Шен Да волчу Далла хьалха вайга гІуллакх дайтархьама. Сийлалла а, нуьцкъалалла а хуьлийла Цуьнан ерриг а тІейогІучу заманна. Амин.
[7] ‡‡Хьажал, Иза мархашца охьавуссур ву,
тІаккха массарна гур а ву Иза,
ур-атталла Цунах гоьмукъ чекхбаьккхинчарна а тІехь.
Лаьттарчу дерриге а тукхамаша белхар дийр ду Цунах.
Иза иштта билггал хир а ма ду! Амин!
[8] ‡‡†«Со ву массо а хІума Долийнарг а, чекхдоккху Верг а, – боху Везачу Дала. – Со ву волуш волу а, хилла волу а, вогІун волу а Нуьцкъалниг».

### Дала леррина Къобалвинчо Ша Яхьъяна гучувоккху

[9] Шу а, шун ваша Яхьъя волу со а цхьатерра Іийсах тешарна, шуьца цхьаьна Цуьнан олаллехь болчара хьоьгучу баланашкахь дакъа лаца доьналла долуш ву со. Иштта, Делан дош дІасадаржорна а, Іийсах тоьшалла дарна а, таІзар а деш, Патмас цІе йолчу гІайренна тІе вахийтинера со. [10] Везачу Элана леринчу дийнахь Делан Са суна тІе доьссира, тІаккха сайна тІехьа чІогІа аз хезира суна, турби чуьра схьадолуш санна. [11] Цо бохура: «Хьайна гушдерг тептар тІе дІа а яздай, динан ворхІе а тобанийн гуламашка дІадахьийта. И тобанаш ю хІокху гІаланашкахь: Эпасехь, Симранехь, Паргамехь, Тхьайтирехь, Сардисехь, Палидалпехь, Лаудикехь».
[12] И суна хезнарг хьенан аз ду те аьлла, со юхахьаьжира. Со юхахьаьжча, суна гира деших

† 1:4 а: Арадаккхар 3:14; б: Довзийтинарг 4:8. †† Іарш *– Делан стигалахь йолу олаллин меттиг.* ‡ 1:5 а: ЕшаІ-ЯхІу 55:4; б: Забур 88:28. ‡† 1:6 Арадаккхар 19:6; Довзийтинарг 5:10.

‡‡ 1:7 а: Даниал 7:13; Маттай 24:30; Марк 13:26; Лака 21:27; 1 Тассалникахошка 4:17; б: Закри-ЯхІу 12:10; Яхьъя 19:34, 37. ‡‡† 1:8 а: Довзийтинарг 22:13; б: Арадаккхар 3:14.

бина ворхI стогар. 13 †Ткъа оцу ворхI стогарна юкъахь лаьтташ «адамийн кIантах тера цхьаъ» вара. Цунна тIехь еха бедар яра, ткъа цуьнан некхана гонах хьарчийна деших дина доьхка дара. 14 †† ‡Цуьнан коьрта тIера месаш, тIаргIа а, ло а санна, кIайн яра. Цуьнан БIаьргаш а дара йогу алу санна. 15 ‡†Цуьнан когаш пешахь лалийначу, къегачу цIастанах тера бара. Чухчарин ‡‡ гIовгIа санна дара Цуьнан аз. 16 Цуьнан аьтту куьйгахь ворхI седа бара. Цуьнан багара схьадолура шинна а агIор ира долу тур. Цуьнан юьхь а, шен нуьцкъалаллин нуьрехь болу малх санна, лепаш яра. 17 ‡‡†Сайна и гича, велча санна, Цуьнан когашка вуьйжира со. Ткъа Цо, суна тIе аьтту куьг а диллина, соьга элира: «Ма кхера. Со ву Хьалхарниг а, ТIаьххьарниг а. 18 Со ву дийна Верг. Со велла вара, амма хIинца Со ерриг а тIейогIучу заманна дийна ву. Сан карахь ду Iожаллин а, эхартан а догIанаш. 19 Иштта, дIаязде хьайна гиначух а, долуш долчух а, хиндолчух а лаьцна. 20 Сан аьтту куьйгахь хьуна гиначу ворхI седанан а, ворхI дашо стогаран а къайле иштта ю: ворхI седа – уьш Iийсах тешначийн динан ворхI тобанан маликаш ду бохург ду. Ткъа хьуна гина болу ворхI стогар – уьш ворхIе а динан тобанийн гулам бу».

### Эпас-гIаларчу динан тобане яздина кехат

2 «Эпас-гIаларчу динан тобанан малике дIаязде: Иштта боху, Шен аьтту куьйга ворхI седа схьа а лаьцна, деших бина болчу ворхI стогарна юккъехула лелаш Волчо: 2 „Девза Суна шун гIуллакхаш. Хаьа Суна аша къахьоьгийла а, шу доьналла долуш дуйла а, мекара адамаш аша ловш доцийла а. Шаьш векалш ду бохурш а аша зийна, ткъа уьш харцлуьйш хилар а шуна хиъна. 3 Шу доьналла долуш ду, Сан дуьхьа аша баланаш хьийгира, амма шу ца дуьйхира. 4 Делахь а, шуна дуьхьалдаккха хIума ду Сан: аша шайн дуьххьарлера безам дIатесна. 5 Иштта, шаьш мичара охьаэгна дага а даийтий, метта а дуьйлий, шаьш юьхьанца лелийна долу гIуллакхаш леладе. Нагахь шаьш далийтинчу къинойх шу дIа ца дерзахь, шу долчу а веана, Ас меттахбоккхур бу шун стогар. 6 Делахь а цхьа дика хIума ду шун: никласхойн гIуллакхаш Суна цадезаре терра, шуна а уьш ца дезаш хилар.
7 ‡‡‡Лергаш долчо ладугIийла Делан Сино динан тобанашка бохучуьнга:
‘Тоьллачунна бакъо лур ю Ас Делан ялсаманина юккъехь лаьтташ долчу дахаран дитта тIера стом баа’“».

### Симран-гIаларчу динан тобане яздина кехат

8 §Симран-гIаларчу динан тобанан малике а дIаязде:
«Иштта боху, хьалха вала а велла, ткъа хIинца дийна волчу хьалхара а, тIаьххьара а Волчо: 9 „Суна евза шун халонаш а, шун къоьлла а, делахь а шу-м хьал долуш ду. Иблисан гуламах болчара, шаьш Делан нах болчу жуьгтех боццушехь, царах ду бохуш, шух лаьцна дуьйцу вон хабарш а Суна хууш ду. 10 Шаьш лан дезар долчу цхьана а хIуманах ма кхера. Иштта, шу зерхьама, шух цхьадерш иблисо набахти чу даладойтур ду. ТIаккха иттех дийнахь баланаш ловр бу аша. Шаьш делла дIадовллалц тешаш хилалаш, тIаккха Толаман таж санна, Аса шуна хедар доцу дахар лур ду.
11 §†Лергаш долчо ладугIийла Делан Сино динан тобанашка бохучуьнга:
‘Толам баьккхинчун шолгIа валар хир дац’“».

### Паргам-гIаларчу динан тобане яздина кехат

12 «Паргам-гIаларчу динан тобанан малике а дIаязде:
Иштта боху Шен карахь шинна а агIор ира долу тур Долчо: 13 „Девза Суна иблисан олаллин гIантана гонах шу дехаш хилар. Аша Сан цIе ларамехь а лелийна, Сох долу шун тешар дIа а ца даьлла, ур-атталла иблис дехаш долчу шун гIалахь Сан тешаме теш волу Антапи вийначу хенахь а.
14 §††Делахь а, шуна дуьхьалдаккха цхьацца хIума ду Сан. БалиIаман хьехамаш тIелаьцна болу цхьаболу нах бу шуна юкъахь. Исраилхошка къилахь долу гIуллакхаш леладайта Iамийнера цо Балакх-паччахь. Цара, цIушна сагIина лерина еана хIума а йоуьйтуш, Далла хьалха сийсаза долу хIума леладойтура исраилхошка. 15 Иштта, никласхойн хьехамаш ларбеш болу цхьаболу нах а бу шуна юкъахь. 16 Метта а дуьйлий, Соьгахьа юхадерза! Нагахь Ас бохург аша ца дахь, Со кестта вогIур ву шу долчу. ТIаккха Сайн багара схьадолучу туьраца летар ву Со царах.
17 §‡Лергаш долчо ладугIийла Делан Сино динан тобанашка бохучуьнга:
‘Толам баьккхинчунна къайлаяьккхинчу ‹манна› олучу кхачанан буьртигийн дакъа лур ду Ас. Цунна кIайн тIулг а лур бу Ас, тIеязйина керла цIе а йолуш. И цIе цхьанна а хуур яц, иза йолчунна бен’“».

### Тхьайтир-гIаларчу динан тобане яздина кехат

18 §‡†«Иштта Тхьайтир-гIаларчу динан тобанан малике а дIаязде:

† *1:13 а: Даниал 7:13; б: Даниал 10:5.* †† *1:14 Даниал 7:9.* ‡ *1:14, 15 Даниал 10:6.* ‡† *1:15 Яхьазкхиал 1:24; 43:2.* ‡‡ *Чухчари *– лакхара охьадогIу дуккха а долу хи.** ‡‡† *1:17 ЕшаI-ЯхIу 44:6; 48:12; Довзийтинарг 2:8; 22:13.* ‡‡‡ *2:7 а: Доладалар 2:9; Довзийтинарг 22:2; б: Яхьазкхиал 28:13; 31:8 (Грекийн).*

§ *2:8 ЕшаI-ЯхIу 44:6; 48:12; Довзийтинарг 1:17; 22:13.* §† *2:11 Довзийтинарг 20:14; 21:8.* §†† *2:14 а: Лелар 22:5, 7; 31:16; Карлабаьккхинарг 23:4; б: Лелар 25:1-3.* §‡ *2:17 а: Арадаккхар 16:14, 15; 16:33, 34; Яхьъя 6:48-50; б: ЕшаI-ЯхIу 62:2; 65:15.* §‡† *2:18 Даниал 10:6.*

Иштта боху бІаьргаш цІеран алу санна а, когаш
къегачу цІастанах санна а болчу Делан КІанта.
19 „Суна девза шун гІуллакхаш а, безам а, тешар а,
аша гІо дар а, шу доьналла долуш хилар а. Иштта
Суна хаьа шун тІаьххьарлера гІуллакхаш хьалха
дина долчу гІуллакхел сов дуйла а. 20 †Ткъа шуна
дуьхьалдаккха иштта хІума ду Сан. Делера хаам
болуш ю бохучу Изабал цІе йолчу зудчунна дан
магош доцу гІуллакхаш дан некъ ло аша. Шен
хьехамашца Сан ялхой тилабо цо, цаьрга сийсаза
долу хІуманаш а леладойтуш, цІушна сагІина еана
хІума а йоуьйтуш. 21 Аса Сайна тІеерза хан еллера
цунна, амма цунна ца лаьа ша лелийначу сийсазчу
гІуллакхех дІаерза. 22 ХІинца Ас цамгарийн Іазап
хьоьгуьйтур ду цуьнга. Цуьнца цхьаьна къилахь
долу гІуллакхаш лелийнарш а боккхачу баланехь
хир бу, шаьш цуьнца лелийначу гІуллакхашна
дохко а бевлла, уьш Суна тІе ца берзахь. 23 ††Цуьнан
бераш а хІаллакдийр ду Ас. ТІаккха кхетар бу динан
массо а тобанашкахь берш, шайн дегнаш а,
ойланаш а зуьйш верг Со хиларх. Шуна хІоранна а,
шун гІуллакхашка хьаьжжина, хьакъ дерг дІалур ду
Ас.
24 Ткъа, кхечу наха туьдуш ма-хиллара, ‘иблисан
къайленийн кІоргенаш’ шайна евзина доцучу а,
Изабалан хьехамашна тІаьхьахІиттина доцучу а
шуьга, тхьайтирхойх кхиболчаьрга, Ас боху: ‘Лан
ницкъ кхочур боцу кхийолу халонаш тІе ца йохку
Ас шуна. 25 Ткъа шу, Со схьаваллалц, шайн долуш
дерг лар а деш, лела’. 26 ‡Толам а боккхуш, Сан
гІуллакхаш чекхдовллалц кхочушдеш волчунна,
Сан Дас Суна яларе терра,
‘кхечу къаьмнех болчарна тІехь олалла дан бакъо
лур ю Ас.
Цо аьчка гІожаца царна тІехь олалла дийр ду,
кхийра пхьегІаш санна, отур а бу уьш’.
Цунна лур бу Ас Іуьйренан седа.
29 Лергаш долчо ладугІийла Делан Сино динан
тобанашка бохучуьнга“».

### Сардис-гІаларчу динан тобане яздина кехат

3 «Сардис-гІаларчу динан тобанан малике а
дІаязде:
Иштта боху Шегахь Делан ворхІ Са а, ворхІ седа а
Болчо: „Девза Суна шун гІуллакхаш. Аша, шаьш
дийна долуш санна, цІераш лелайо, амма шу делла
ду. 2 Сама а довлий, шайна чохь дисина долу тешар
чІагІде, иза хІаллакьхилале. ХІунда аьлча Суна
карийна, аша деш долу гІуллакхаш Сан Далла
хьалха кхоччуш чекхдевлла цахилар. 3 ‡†Шаьш
тІеэцна болу а, шайна хезна болу а хьехамаш
дагахь латтабе! Уьш лар а бе, шайн къиношна
дохко а довлий, Далла тІе а дерза. Нагахь шу сама
ца довлахь, къу санна, шуна ца моьттучу хенахь
вогІур ву Со. 4 Бакъду, шуна юкъахь масех стаг ву
шайн бедарш къилахь долу гІуллакхаш дарца
бехъяза. Уьш, кІайн духарш а дуьйхина, Соьца
лелар бу, хІунда аьлча уьш иштта лела хьакъ
долуш бу. 5 ‡‡Толам баьккхинчунна тІе кІайн духар
духур ду. Цуьнан цІе дахаран тептар тІера Ас дІа а
йойур яц. Иза Сан долахь хиларх тоьшалла а дийр
ду Ас Сайн Дена а, Цуьнан маликашна а хьалха.
6 Лергаш долчо ладугІийла Делан Сино динан
тобанашка бохучуьнга“».

### Палидалпи-гІаларчу динан тобане яздина кехат

7 ‡‡†«Палидалпи-гІаларчу динан тобанан малике а
дІаязде:
Иштта боху веза а, билггал бакъ а волчу Шен
карахь Даудан догІа Долчо. Цо неІ дІаястахь,
цхьаьнгге а иза дІакъовлалур яц. Цо неІ
дІакъовлахь, цхьаьнгге а иза дІаясталур яц.
8 „Девза Суна шун гІуллакхаш. Хьовсал! Цхьаьнгге а
дІакъовлалур йоцу неІ дІайиллина Ас шуна хьалха.
Шун ницкъ кІезиг белахь а, аша Сан дош а
лардина, Со дІа а ца тесна. 9 ‡‡‡Гой шуна! Аьшпаш а
буттуш, шаьш боццушехь, жуьгти ду бохуш болу
иблисан гуламах берш Ас шуна хьалха дІахІиттор
бу, шун когашка уьш охьа а тоІуьйтуш. Хуур ду
царна, Суна шу дезийла. 10 Доьналла долуш хила
аьлла, Аса шайна дина омра аша лардина дела, Аса
а лардийр ду шу, лаьттахь дехаш долу адамаш
зерхьама, кху дуьнен чу массанхьа а баланаш
тІебоуьйтур болчу заманах. 11 Кестта вогІур ву Со.
Шайн долуш дерг ларделаш, цхьаьнгге а шайгара
толам баккхаран таж дІа ца даккхийта. 12 §Толам
баьккхинарш Сан Делан цІа чохь бІогІам хилла
дІахІуьттур бу, цу чуьра кхин ара а бевр бац. Царна
тІехь Сайн Делан цІе а язйийр ю Ас, Сайн Делан
гІалин цІе а язйийр ю. Иза Сан Делера стигалара
охьайогІуш йолчу Ярушалайм-гІалин цІе хир ю.
Сайн керла цІе а язйийр ю Ас царна тІехь.
13 Лергаш долчо ладугІийла Делан Сино динан
тобанашка бохучуьнга“».

### Лаудика-гІаларчу динан тобане яздина кехат

14 §†«Лаудика-гІаларчу динан тобанан малике а
дІаязде:
Иштта боху Ша Амин волчу, Дала кхоьллина
долчун Хьоста Ша волчу, тешам а болуш, билггал
бакъволчу Тешо: 15 „Девза Суна шун гІуллакхаш –
шу я шийла а дац, я довха а дац. Я шийла, я довха
делара шу! 16 Довха а, шийла а доцуш, шу мела
хиларна, Ас Сайн багара а дІадохур ду шу. 17 ХІунда
аьлча аша боху: ‘Тхо дехаш а ду, хьал долуш а ду,
тхуна оьшуш хІумма а дац’. Ткъа шу ца кхета шаьш
ирс дайна а, декъаза а, къен а, бІаьрзе а, дерзина а
хиларх! 18 Ас иштта хьехам бо шуна: шаьш хьал

† 2:20 Сулим 16:31. †† 2:23 а: Забур 7:10; Ярми-ЯхІу 17:10; б: Забур 61:13. ‡ 2:26, 27 Забур 2:8, 9 (Грекийн). ‡† 3:3 Маттай 24:43, 44; Лака 12:39, 40; Довзийтинарг 16:15.

‡‡ 3:5 а: Арадаккхар 32:32, 33; Забур 68:29; Довзийтинарг 20:12; б: Маттай 10:32; Лака 12:8. ‡‡† 3:7 ЕшаІ-ЯхІу 22:22; Аюб 12:14. ‡‡‡ 3:9 а: ЕшаІ-ЯхІу 49:23; 60:14; б: ЕшаІ-ЯхІу 43:4. § 3:12 а: Довзийтинарг 21:2; б: ЕшаІ-ЯхІу 62:2; 65:15. §† 3:14 Кицанаш 8:22.

долуш хилийтархьама, цIергахь дахчийна деши
эца шайна Соьгара. КIайн духар а эца шайна, иза,
тIе а дуьйхина, шайн эхье меттигаш
дIахьулъярхьама! Хьаккхар а эций, иза бIаьргех
хьакха, бIаьрса даийтархьама! 19 †Сайна везарг,
метта а валош, таIзарца нисво Ас. Цундела, дикане
а кхийдаш, даггара Далла тIедерза! 20 Хьовсал! Со,
неIарах пIелг а бетташ, лаьтташ ву. Сан аз а хезна,
неI дIайиллинчун цIа чу вер ву Со. Цуьнца цхьаьна
хIума юур ю Ас, ткъа иза Соьца шуьне хуур ву.
21 Толам а баьккхина, Сайн Ден Iаршана уллохь
долчу паччахьан гIанта тIе Со охьахааре терра,
толам баьккхинчунна бакъо лур ю Ас Сайн Iаршана
уллохь долчу паччахьан гIанта тIе охьахаа.
22 Лергаш долчо ладугIийла Делан Сино динан
тобанашка бохучуьнга“».

### Стигаларчу Iаршана гонах

4 Цул тIаьхьа со хьалахьаьжира. Стигалахь
дIаеллаелла неI гира суна. Хьалха а хезна долу,
турбана чуьра арадолуш санна долу, аз хезира
суна. Цу озо соьга бохура: «Хьалавала кхуза, кхул
тIаьхьа хила дезарг гойтур ду Ас хьуна». 2 ††Цу
сохьта суна тIе Делан Са доьссира. ТIаккха суна
гира стигалахь лаьтташ йолу Делан Iарш, шена
тIехь охьахиъна Верг а волуш. 3 Цу охьахиъна
Волчун юьхьсибат, «яспис», «сардис» цIе йолу деза
тIулгаш санна, можачу а, цIечу а басахь лепара.
Цуьнан гIантана гонах, «изумруд» цIе йолу тIулг
санна, лепаш стелаIад дара. 4 Iаршана гобаьккхина
кхин а ткъе диъ паччахьан гIант дара. Царна тIе
хиъна ткъе виъ къано вара. Къаношна тIехь кIайн
духар дара. Церан кортош тIе диллина дашо
таьжнаш дара. 5 ‡Цу Iаршах схьадетташ
стелахаьштиг а дара, схьахезаш аьзнаш а дара,
серладуьйлуш детташ ткъес а дара. ГIантана
хьалха богуш ворхI къуьда бара. Уьш Делан ворхI
Са ду. 6 ‡† ‡‡Цу Iаршана хьалха чекх са гучу ангалих
тера болу ангалин хIорд бара.
Ткъа Iарш лаьттачу меттигна юккъехь а, Iаршана
гонах а лаьтташ диъ дийнат дара. Хьалх⟐ а, тIехь⟐
а шорта бIаьргаш дара церан. 7 Дийнатех цхьаъ
лоьмах тера дара. ШолгIа дийнат старгIанах тера
дара. КхозлагIчу дийнатан, адаман санна, юьхь
яра. ДоьалгIаниг тIемаяьллачу аьрзунах тера дара.
8 ‡‡†Цу деъа а дийнатан хIораннан а гонах ялх-ялх
тIам бара, ткъа царна чуьра схьакъегаш бIаьргаш
бара. Цара, дийнаххьий, буьйсанний, сацам а
боцуш, кхойкхура:
«Веза ву, веза ву, веза ву Веза Эла,
хилла волу а, волуш волу а, вогIун волу а
массо ницкъийн Веза Дела», – бохуш.

9 Цу дийнаташа Iаршана тIе хиъна волчу, ерриг а
тIейогIучу заманна а вехаш Волчун сийдеш, Иза
ваз а веш, баркаллаш мосазза олу а, 10 и ткъе виъ
къано Iаршана тIехь хиъна Волчунна хьалха охьа а
вужий, ерриг а тIейогIучу заманна вехаш Волчунна
суждане воьду. Цара, шайн таьжнаш Iаршана
хьалха охьа а дохкуш, олу:
11 «Хьакъ долуш ву Хьо, тхан Веза Эла волу Дела,
сийлалла а, ларам а, ницкъ а дIаэца.
ХIунда аьлча Ахь кхоьллина ду дерриг а.
И дерриг а Хьан лаамца долуш а ду, кхоьллина а
ду».

### Тептар а, Iахар а

5 ‡‡‡ТIаккха Iаршана тIехь охьахиъна Iаш Волчун
аьтту куьйгахь хьарчийна тептар гира суна. Цу
хьарчийначу тептаран шинна а агIор йозанаш
дара. И тептар, ворхI мухIар а тоьхна, дIакъевлина
дара. 2 Ницкъболу малик а гира суна. Цо, чIогIачу
озаца кхайкхам беш, хьоттура: «Мила ву, хIокху
тептар тIера мухIарш дIа а даьхна, иза дIаделла
хьакъ верг?» 3 Стигалахь, лаьттахь, я лаьтта бухахь §
цхьаннан а йиш яцара и тептар дIаделла а, я цу тIе
хьажа а. 4 И тептар дIа а диллина, иза деша а, я цу
тIе хьажа а цхьа а хьакъ цахиларна, со дуккха а
вилхира. 5 §†Оцу къанойх цхьаммо элира соьга: «Ма
велха! ХIара ду ЯхIудан тайпанах долу Лом: Даудан
Орам. Цо толам баьккхина, Цуьнан йиш ю цу
тептар тIера ворхI мухIар дIадаккха а, иза дIаделла
а».
6 §††ТIаккха со дIахьаьжча, суна гира и Iарш
лаьттачу меттигна юккъехь, цу дийнаташна а,
къаношна а юккъехь лаьтташ болу Iахар. Иза,
сагIина лерина бийна болуш санна, бара. Цуьнан
ворхI маIа а, ворхI бIаьрг а бара. Дерриг а лаьтта
тIедахийтина долу Делан ворхI Са дара уьш.
7 Iахаро Iаршана тIе хиъна Волчун аьтту куьйгара и
тептар схьаийцира. 8 §‡ТIаккха, Цо и тептар
караэцча, диъ дийнат а, ткъе виъ къано а Iахарна
хьалха охьавуьйжира. Цаьргахь хIорангахь а мерз-
пондарш а, дашо боганаш а дара. И боганаш хаза
хьожа йогIучу хIуманах дуьзна дара. Боганаш чохь
дерш Делан долахь болчеран доIанаш дара.
9 §‡†Цара, керла эшар а локхуш, бохура:
«Хьакъ долуш ву Хьо,
и тептар схьа а эцна,
цу тIера мухIарш дIадаха,
хIунда аьлча Хьо вийна вара.
ХIора тайпанашна а, меттанашна а, хIора
халкъана а, къомана а тIера
Делан дуьхьа Хьайн цIий Iанорца адамашна
тIера мах дIабелира Ахьа.
10 §†Динан дайн пачхьалкх царах йина Ахьа,

† 3:19 Кицанаш 3:12; Iебархошка 12:6. †† 4:2, 3 Яхьазкхиал 1:26-28; 10:1. ‡ 4:5 а: Арадаккхар 19:16; Довзийтинарг 8:5; 11:19; 16:18; б: Яхьазкхиал 1:13; ц: Довзийтинарг 1:4; Закри-ЯхIу 4:2. ‡† 4:6 Яхьазкхиал 1:22. ‡‡ 4:6, 7 Яхьазкхиал 1:5-10; 10:14. ‡‡† 4:8 а: Яхьазкхиал 1:18; 10:12; б: ЕшаI-ЯхIу 6:2, 3.

‡‡‡ 5:1 Яхьазкхиал 2:9, 10; ЕшаI-ЯхIу 29:11. § Лаьтта бухахь *– иза эхартехь бохург ду (хьажал 1:18).* §† 5:5 а: Доладалар 49:9; б: ЕшаI-ЯхIу 11:1, 10. §†† 5:6 а: ЕшаI-ЯхIу 53:7; б: Закри-ЯхIу 4:10. §‡ 5:8 Забур 140:2. §‡† 5:9 Забур 32:3; 97:1; ЕшаI-ЯхIу 42:10. §† 5:10 Арадаккхар 19:6; Довзийтинарг 1:6.

цаьрга Хьайна гӀуллакх дайтархьама.
Ткъа цара кху Лаьтта тӀехь паччахьалла дийр ду».
11 †Суна дуккха а маликаш гира, церан аьзнаш а
хезира. Уьш Ӏаршана а, цигахь долчу дийнаташна
а, къаношна а гонах дара. Дагарлур доцуш,
эзарнашкахь дукха дара и маликаш – эзарзза
эзарнаш. 12 Цара, аз чӀагӀ а деш, олура:
«Бийна болу Ӏахар хьакъ долуш бу
нуьцкъалалла а, хьал а, хьекъалалла а, чӀагӀо а,
ларам а, сийлалла а, хастам а дӀаэца».
13 Стигалахь а, лаьттахь а, лаьттана бухахь а,
хӀорда тӀехь а Дала кхоьллинчу хӀора хӀумано а –
царна чохь долчу массо хӀумано а – олуш хезира
суна:
«Хастам, ларам, сийлалла, олалла ерриг а
тӀейогӀучу заманна хуьлийла
Ӏаршана тӀехь хиъна Волчун а, Ӏахаран а».
14 Ткъа цу деъа а дийнато олура: «Амин». Къаной,
охьа а эгна, суждане бахара.

### ВорхӀ мухӀар дӀадаккхар

6 ТӀаккха суна гира Ӏахаро ворхӀ мухӀарх цхьаъ
дӀадоккхуш. Юха суна хезира цу деа дийнатах
цхьаммо стигала къекъаш санна долчу озаца олуш:
«Схьавола!» 2 ††Со дӀахьаьжча, суна кӀайн дин гира.
Цу тӀехь, карахь Ӏад а долуш, бере вара. Цуьнга
толаман таж делира. ТӀаккха и толам боккхуш верг
толам баккха вахара.
3 Ӏахаро шолгӀа мухӀар дӀадаьккхича, суна хезира
шолгӀачу дийнато олуш: «Схьавола!» 4 ‡ТӀаккха
расха болу кхин дин арабелира. Цу тӀе хиъна
волчунна бакъо елира Лаьттара машар бохо а,
адамашка вовшийн дайийта а. Оцу беречуьнга
доккха тур делира.
5 ‡†Ӏахаро кхоалгӀа мухӀар дӀадаьккхича, суна
хезира кхоалгӀачу дийнато олуш: «Схьавола!» Со
дӀахьаьжча, суна Ӏаьржа дин гира. Цу тӀехь бере
вара, цуьнан карахь терза дара. 6 Деа дийнатана
юкъара адаман санна долу аз хезира суна: «Цхьана
дийнан алапа долччул ахча а луш, кӀен деман цхьа
кана я мекхан деман кхо кана схьаоьцу. Зайтдаьтта
а, чагӀар а талха ма де!»
7 ТӀаккха Ӏахаро доьалгӀа мухӀар дӀадаьккхича,
суна хезира доьалгӀачу дийнатан озо олуш:
«Схьавола!» 8 ‡‡Со дӀахьаьжча, сира дин гира суна.
Цунна тӀехиъна «Ӏожалла» цӀе йолу бере вара,
шена тӀаьхьахӀоьттина эхарт а долуш. Царна бакъо
елира Лаьттарчу адамийн доьалгӀа дакъа туьрах а,
мацаллех а, цамгарех а далийта а, иштта Лаьттарчу
акхарошка уьш даийта а.
9 Цо пхоьалгӀа мухӀар дӀадаьккхича, сагӀа
доккхучу кхерчана бухахь Делан дош кхайкхор
бахьанехь а, цара до тоьшаллаш лардар бахьанехь
а дайина хилла синош гира суна. 10 Уьш айдинчу
озаца кхайкхира: «Мел Ӏийр ву те Хьо, Хьалдолу
Эла, веза а, тешаме а Верг, Лаьттахь бехаш
болчарна кхел ца еш а, тхан цӀий Ӏанорна царна
таӀзар ца деш а?» – аьлла. 11 ТӀаккха царна хӀоранна
а кӀайн духар делира. Цаьрга элира, кхин а кӀеззиг
йолчу ханна сатоха аьлла. Иштта хила дезара,
цаьрга терра Ӏийсана гӀуллакх деш болчу а, уьш
санна байина хин болчу а, динан вежарийн терахь
кхочушхиллалц.
12 ‡‡†Суна гира Ӏахаро йолхалгӀа мухӀар
дӀадоккхуш. ТӀаккха чӀогӀа мохк бегийра. Малх а,
Ӏаьржачу тӀергӀан духар тӀедуьйхича санна,
кхоьлира. Стигалара бутт а, цӀий санна,
цӀийбелира. 13 ‡‡‡ЦӀеххьана баьллачу чехкачу мохо
инжиран дитташна тӀера хилаза долу церан
стоьмаш эгош санна, стигалара седарчий а Лаьтта
тӀе охьаийгира. 14 §Стигал а, хьарчийна долу тептар
санна, дӀа а хьаьрчина, дӀахьулъелира. ХӀора лам а,
гӀайре а меттахъяьккхира. 15 §†Лаьттара паччахьаш
а, церан уллоранаш а, тӀеман хьаькамаш а,
хьалдерш а, нуьцкъалнаш а, массо леш а, паргӀат
берш а хьехашна чохь а, чӀажашна чохь а
дӀалевчкъира. 16 §††Цара лаьмнашка а, тархашка а
бохура: «Тхуна тӀе а эгий, дӀахьулдейша тхо Ӏарша
тӀехь хиъна Волчунна гарх а, Ӏахаран таӀзарх а.
17 §‡Цара таӀзар даран къематде тӀедеана. Иза
хьаьнга лалур ду те?»

### МухӀар тӀетохарца билгалваьккхина волу цхьа бӀе шовзткъе виъ эзар стаг

7 §‡†Цул тӀаьхьа суна диъ малик гира. И маликаш
лаьттан еа а агӀор лаьтташ дара. Цара Лаьттан
еа маьӀӀера хьоькху биъ мох дӀалаьцнера, иза я
лаьттана тӀе, я хӀордана тӀе, я цхьанна а диттана тӀе
ца бахийтархьама. 2 ТӀаккха кхин а цхьа малик гира
суна. Иза малхбалехьара хьаладолуш дара. Цуьнан
карахь дийна волуш волчу Делан мухӀар дара. Оцу
малико лаьттана а, хӀордана а зулам дан бакъо
еллачу деа малике, мохь туххуш, айдинчу озаца
элира: 3 §†«Вайн Далла гӀуллакх деш болчеран
хьаьжнаш тӀе мухӀар тоххалц, зулам ма делаш я
лаьттана, я хӀордашна, я дитташна». 4 И мухӀар а
тоьхна, билгалваьккхинарг маса стаг ву олуш а
хезира суна. Уьш исраилхойн массо а тӀаьхьенах
волу цхьа бӀе шовзткъе виъ эзар стаг вара.
5 Иштта, ЯхӀудан тӀаьхьенах волчу шийтта эзар
стагана тӀе а мухӀар тоьхна;
Раабанан тӀаьхьенах а – шийтта эзар стагана;
Гадин тӀаьхьенах а – шийтта эзар стагана;
6 Ашаран тӀаьхьенах а – шийтта эзар стагана;
Напталан тӀаьхьенах а – шийтта эзар стагана;
Маннашан тӀаьхьенах а – шийтта эзар стагана;
7 ШимӀин тӀаьхьенах а – шийтта эзар стагана;

† *5:11 Даниал 7:10.* †† *6:2 Закри-ЯхӀу 1:8; 6:3, 6.* ‡ *6:4 Закри-ЯхӀу 1:8; 6:2.* ‡† *6:5 Закри-ЯхӀу 6:2, 6.* ‡‡ *6:8 Яхьазкхиал 14:21.*

‡‡† *6:12 а: Довзийтинарг 11:13; 16:18; б: ЕшаӀ-ЯхӀу 13:10; Юал 2:10, 31; 3:15; Маттай 24:29; Марк 13:24, 25; Лака 21:25.* ‡‡‡ *6:13, 14 ЕшаӀ-ЯхӀу 34:4.* § *6:14 Довзийтинарг 16:20.* §† *6:15 ЕшаӀ-ЯхӀу 2:19, 21.* §†† *6:16 ХӀушаӀ 10:8; Лака 23:30.* §‡ *6:17 Юал 2:11; Малъаки 3:2.* §‡† *7:1 Ярми-ЯхӀу 49:36; Даниал 7:2; Закри-ЯхӀу 6:5.* §† *7:3 Яхьазкхиал 9:4, 6.*

Левин тӀаьхьенах а – шийтта эзар стагана;
Иссарханан тӀаьхьенах а – шийтта эзар стагана;
8 Забулан тӀаьхьенах а – шийтта эзар стагана;
Юсупан тӀаьхьенах а – шийтта эзар стагана;
Бен-Яманан тӀаьхьенах а – шийтта эзар стагана.

### Адамийн йоккха тоба

9 Цул тӀаьхьа со дӀахьаьжча, лаьтташ йолу
адамийн йоккха тоба гира суна. Адамаш цхьаьнгге
а дагар ца даллал дукха дара. Массо а халкъех,
тукхамех, къаьмнех, меттанех схьадевллачу
адамийн и тоба яра Делан Ӏаршана хьалха а,
Ӏахарна хьалха а лаьтташ. Царна тӀехь кӀайн
обанаш а яра, церан карахь хурманийн диттийн
гаьннаш а дара. 10 Цара айдинчу озаца бохура:
«КӀелхьардовлар ду Ӏаршана тӀе хиъна Ӏаш волчу
Делера а, Ӏахарера а!» 11 Паччахьан гӀантана гонах
а, къаношна гонах а, деа дийнатна гонах а массо а
маликаш дара лаьтташ. Цу Ӏаршана хьалха бертал
а эгна, Далла Ӏибадат дора цара. 12 «Амин! Хастам а,
сийлалла а, хьекъалалла а, баркалла а, ларам а,
нуьцкъалалла а, чӀагӀо а хуьлийла вайн Далла
ерриг а тӀейогӀучу заманна! Амин!» – бохура оцу
маликаша.
13 Шен къамел долош, къанойх цхьаммо соьга
хьаттира: «И кӀайн обанаш тӀеюьйхина болу нах
муьлш бу? Уьш мичара баьхкина?»
14 †Ас цуьнга жоп делира: «Хьуна хьайна ма хаьа,
эла».
ТӀаккха цо элира соьга: «Уьш, боккхачу балехь а
лаьттина, схьабевлла бу. Цара шайн духарш, цӀан а
дина, Ӏахаран цӀийца кӀайдина.
15 Цундела уьш Делан олаллин гӀантана хьалха
лаьтташ бу хӀинца.
Цара дийнаххьий, буьйсанний Делан цӀа чохь
Далла гӀуллакх до.
Ӏарша тӀе охьахиъна Верг цаьрца цхьаьна а Ӏийр
ву, Цо уьш лар а бийр бу.
16 ††ХӀинца дуьйна уьш меца а хир бац, хьогах а
хир бац.
Уьш малхо а, йовхоно а кхин хьийзор бац.
17 ‡ХӀунда аьлча и Ӏарш лаьттачу меттигна юккъехь
болчу Ӏахаро бажор бу уьш.
Цо уьш дийна хи долчу шовданашка буьгур бу.
Дала Ша дӀадохур ду церан бӀаьрхиш».

### ВорхӀалгӀа мухӀар тептар тӀера дӀадаккхар

8 Ӏахаро ворхӀалгӀа мухӀар тептар тӀера
дӀадаьккхича, цхьана эха сахьтехь тийна хилла
дӀахӀоьттира стигалахь. 2 Далла хьалха лаьтташ
долу ворхӀ малик гира суна. Церан кара локхуш
йолу ворхӀ турба еллера.
3 ‡†ТӀаккха кхин а цхьа малик деара. Цуьнан
карахь хаза хьожа йогӀу хӀума чуюьллу дашо яй
бара. И малик сагӀа доккхучу кхерчана хьалха
дӀахӀоьттира. Иштта алссам хьожа йогӀу хӀума а
елира оцу малике. Иза елира, Делан долахь болчу
массеран а доӀанашца цхьаьна, Делан Ӏаршана
хьалха лаьтташ болчу сагӀа доккхучу дашо
кхерчана тӀе Далла лерина долчу сагӀина
охьайилларх ьама. 4 ТӀаккха оцу хьожа йогӀучу
хӀуманах баьлла кӀур Делан долахь болчеран
доӀанашца цхьаьна маликан карара Далла хьалха
хьалабахара. 5 ‡‡Малико и яй, схьа а эцна, дашочу
кхерчана тӀера йогуш йолчу цӀеран кӀегийх
буьзира. ТӀаккха цо уьш лаьтта охьатийсира. Царах
гӀовгӀа а елира, ткъес а туьйхира, стелахаьштигаш
а серладийлира, мохк а бегийра.

### Дуьххьара локхуш йолу йиъ турба

6 Шайн карахь ворхӀ турба йолу ворхӀ малик турба
лакха кечделира.
7 ‡‡†Хьалхарчу малико турба лекхча, цӀийх дӀаийна
йолу къора а, цӀе а Лаьтта охьакхиссира, ткъа
царах Лаьттан кхоалгӀачу декъах цӀе елира.
Лаьттарчу диттийн кхоалгӀа дакъа а, ерриг а сийна
буц а егира.
8 ШолгӀачу малико а турба лекхира. ТӀаккха,
богуш болчу ломах тера йолу цхьа йоккха хӀума
хӀорда чу а кхоьссина, хӀордийн кхоалгӀа дакъа
цӀий хилла дӀахӀоьттира. 9 ХӀордашна чохь йолчу
садолчу хӀуманийн кхоалгӀа дакъа а
хӀаллакьхилира. Иштта хӀаллакьхилира
хӀордкеманийн кхоалгӀа дакъа а.
10 ‡‡‡КхоалгӀачу малико а турба лекхира. ТӀаккха
стигалара боккха седа охьабуьйжира. Иза, хаьштиг
санна, къегаш бара. Хийн а, шовданийн а,
хьостанийн а кхоалгӀачу декъа тӀе охьабуьйжира и
седа. 11 §Цу седанан цӀе «сагал-буц» ю. ТӀаккха
Лаьттан хийн кхоалгӀа дакъа, сагал-буц а хилла,
къахьделира. Дукхахдолу адамаш, и къаьхьа хи
мелла дела, делира.
12 §†ДоьалгӀачу малико а турба лекхира. Цул
тӀаьхьа малхан а, беттан а, седарчийн а кхоалгӀа
дакъа дӀахьулделира. Цундела церан кхоалгӀа
дакъош кхоьлина дӀахӀиттира. Дийнан а,
буьйсанан а кхоалгӀа дакъа, серло ца луш а хилла,
дӀахӀоьттира.
13 Со дӀахьаьжча, стигална юккъехула тӀемаяьлла
йоьдуш йолчу цхьана аьрзун айдина аз хезира
суна. Цо бохура: «Декъаза хир ду шу, лаьттахь
дехаш долу адамаш, дисинчу кхаа малико локхун
йолчу турбанийн аьзнаш шайна хезча!»

### ПхоьалгӀа турба

9 ПхоьалгӀачу малико а лекхира турба. ТӀаккха
стигалара лаьтта охьабоьжна седа гира суна.

† 7:14 Даниал 12:1; Маттай 24:21; Марк 13:19. †† 7:16 ЕшаӀ-ЯхӀу 49:10. ‡ 7:17 а: Забур 22:1; Яхьазкхиал 34:23; б: Забур 22:2; ЕшаӀ-ЯхӀу 49:10; ц: ЕшаӀ-ЯхӀу 25:8. ‡† 8:3 а: Ӏамос 9:1; б: Арадаккхар 30:1, 3.

‡‡ 8:5 а: Ӏамалъяр 16:12; Яхьазкхиал 10:2; б: Арадаккхар 19:16; Довзийтинарг 11:19; 16:18. ‡‡† 8:7 Арадаккхар 9:23-25; Яхьазкхиал 38:22. ‡‡‡ 8:10 ЕшаӀ-ЯхӀу 14:12. § 8:11 Ярми-ЯхӀу 9:15. §† 8:12 ЕшаӀ-ЯхӀу 13:10; Яхьазкхиал 32:7; Юал 2:10, 31; 3:15.

Цу седанан караделира бух боцучу Iинна тIебоьдучу некъан догIа. [2] [†]Бух боцучу Iинна тIебоьдучу некъан догIа цо дIадаьстича, цу некъа тIера, йоккхачу пешана чуьра санна, кIур схьатесира. Оцу баьллачу кIуьро малх а, хIаваъ а кхолийра. [3] [††]ТIаккха лаьтта тIе цу кIуьра юкъара цIоз схьаделира. Лаьттара сту лоцучу гезгийн доллу олалла делира цу цIазана. [4] [‡]Цхьана а бацана, цхьана а ораматна, цхьана а диттана зен ма делаш, элира цу цIазе. Ткъа шайн хьаьжнаш тIе Делан мухIарш тоьхна доцучу адамашна зен дан могуьйту шуна. [5] ЦIазана тIедиллира, адамаш дайа а ца дойуш, пхеа баттахь цаьрга хала баланаш хьегийтар. Цара хьоьгуьйту баланаш сту лоцучу гезгаша адамашка, шайн юнаш а йиттина, хьоьгуьйту баланех тера дара. [6] [‡†]Цу деношкахь адамаша шайна Iожалла лоьхур ю, амма царна и карор яц. Царна делла дIадовла луур ду, амма Iожалла царах йодур ю.

[7] [‡‡]ТIехьаьжча, и цIоз тIамана кечдинчу дойх тера дара. Церан кортош тIехь дашо таьжнаш санна йолу хIуманаш яра. Ткъа церан яххьаш адамийн яххьех тера яра. [8] [‡‡†]Цу цIазан месаш а зударийн месех тера яра. Ткъа церан цергаш лоьмийн цергаш санна яра. [9] [‡‡‡]Цу цIазана тIехь, аьчка долуш санна, гIаьгIнаш дара. Церан тIемийн гIовгIа вуно дукха йолчу, тIаме чехка хахкаелла йоьдучу говрех йоьжначу гIудалкхийн чкъургийн даьллачу доккхачу татанах тера яра. [10] ЦIазан, сту лоцучу гезгийн санна, цIогарчий дара, цIогарчех йохкуш юнаш яра. Пхеа баттахь адамашна зен дан белла ницкъ цу цIазан цIоганашкахь бара. [11] Бух боцучу Iинан малик цу цIазан паччахь дара. Iебархойн маттахь цуьнан цIе Абаден-малик яра, ткъа грекийн маттахь Аполлиан яра (иза «хIаллакьхуьлуьйтург» бохург ду).

[12] Цхьа бала дIабаьлла. Ткъа цунна тIаьххье тIебогIуш кхин а ши бала бу.

## ЙолхалгIа турба

[13] [§]ЙолхалгIачу малико а лекхира турба. ТIаккха Далла хьалха лаьтташ болчу деших бинчу кхерчан еа маIа чуьра цхьа аз хезира суна. [14] Цо шен карахь турба йолчу йолхалгIачу малике бохура: «Доккхачу Эпрат-хина йистехь дIадихкина долу диъ малик дIахеца!» [15] ТIаккха и диъ малик дIахийцира. Адамийн кхоалгIа дакъа хIаллакдан сахьтана а, денна а, баттана а, шарна а кечдина долу маликаш дара уьш. [16] Церан дошлойн эскарийн долу терахь хезира суна. Иза ши бIе миллионан барамехь дара. [17] Иштта сайна дуьхьалхIоьттинчу суьртехь суна дой гира, тIехь дошлой а болуш. Царна тIехь дара цIарула-цIечу а, лилула-сийначу а, можачу саьмгалан а басахь долу гIаьгIнаш. Дойн кортош лоьмийн коьртех тера дара. Церан багара схьаюьйлура цIе а, кIур а, саьмгал а. [18] Адамийн кхоалгIа дакъа хIаллакьхилира хIокху кхаа баланан бахьанина: оцу дойн багара схьаюьйлучу цIерах а, кIуьрах а, саьмгалх а. [19] Цу говрийн ницкъ церан батошкаххьий, цIогарчашкаххьий боллура. Церан цIогарчий лаьхьанех тера дара. Цу лаьхьанийн кортош дара, цаьрца зенаш дора цара.

[20] [§†]Ткъа оцу баланех далаза дисина кхидолу адамаш, шайна Iибадат дархьама, шаьш куьйга йинчу хIуманех дIа ца дирзира. Цара Iамал йора жинашна а, деших а, детих а, цIастанах а, тIулгах а, дечигах а бинчу цIушна а, царна хIумма а ца гушшехь а, уьш ца лелалушшехь а. [21] И адамаш дIа ца дирзира нах байаран а, жиналла лелоран а, сийсаза долу хIума лелоран а, къоланаш даран а некъа тIера.

## Тептар карахь долу малик

**10** ТIаккха суна кхин а цхьа нуьцкъала малик гира, стигалара охьадуссуш долу. Иза шена тIе марха юьйхина долуш санна дара, цуьнан коьрта тIехула стелаIад а дара. Юьхь, малх санна, яра. Когаш, цIерах богу бIогIамаш санна, бара. [2] Ткъа цуьнан карахь дIаделладелла долу хьарчийна жима тептар дара. Цу малико шен аьтту ког хIорда тIе биллира, аьрру ког лаьтта тIе биллира. [3] Цо, лоьмо санна, чIогIа мохь туьйхира. Цо кхайкхинчул тIаьхьа, ворхIе а ткъес туьйхира, церан гIовгIанаша къамел а деш. [4] Цу ворхIе а озо къамел дича, со дIаяздан волавелира, амма цу хенахь суна стигалара аз хезира. Цо соьга бохура: «Оцу ворхIе а ткъесо дийцинарг къайлла а даккха, иза дIа а ма язде».

[5] [§††]Суна хIордана тIехь а, лаьтта тIехь а лаьтташ гина долчу малико, шен аьтту куьг стигала хьала а кховдийна, [6] стигал а, латта а, хIорд а, царна чохь мел долу хIума а кхоьллина волчу, ерриг а тIейогIучу заманна волуш Волчун цIарах чIагIо йира: «Дала кхин лур яц шуна хан. [7] ВорхIалгIачу малико турба локхучу хенахь Делан къайлаха йолу Iалашо чекхъер ю, Цо Шен ялхой болчу пайхамаршка хаам бина ма-хиллара», – аьлла.

[8] [§‡]Стигалара суна хезначу цу озо, юха а соьца къамел а деш, элира: «Ваха а гIой, и делладелла долу хьарчийна тептар хIорда тIехь а, лаьтта тIехь а лаьтташ долчу маликан карара схьаэца».

[9] Аса, оцу маликана тIе а вахана, цуьнга дийхира: «Лохьа соьга и тептар», – аьлла.

Малико соьга элира: «ДIа а эций, и тептар даа. Хьан кийрахь иза къаьхьа хир ду, амма хьан багахь, моз санна, мерза хир ду и».

[10] Маликан карара тептар схьа а эцна, аса и диира. Моз санна, мерза дара иза сан багахь. Ткъа аса и тептар диъча, сан кийра къахьбелира.

† *9:2 Доладалар 19:28.* †† *9:3 Арадаккхар 10:12-15.* ‡ *9:4 Яхьазкхиал 9:4.* ‡† *9:6 Аюб 3:21; Ярми-ЯхIу 8:3.* ‡‡ *9:7 Юал 2:4.* ‡‡† *9:8 Юал 1:6.* ‡‡‡ *9:9 Юал 2:5.* § *9:13 Арадаккхар 30:1-3.*

§† *9:20 Забур 113:12-15; 134:15-17; Даниал 5:23.* §†† *10:5-7 Арадаккхар 20:11; Карлабаьккхинарг 32:40; Даниал 12:7; Iамос 3:7.* §‡ *10:8-10 Яхьазкхиал 2:8–3:3.*

11 Соьга элира: «Ахьа юха а Делера болу хаам бан безар бу дуккха а долчу халкъех а, къаьмнех а, меттанех а, паччахьех а лаьцна».

### Ши теш

11 †Йохалла юстархьама Iасанах тера болу эрз белира сан кара. ТIаккха соьга элира: «Хьала а гIаттий, Делан цIа а дуста, сагIа доккху кхерч а буста, цу цIа чуьра Далла Iамал ян догIу адамаш а дагарде. 2 ††Ткъа Делан цIенна арахула йолу керт царна юкъа ма ялае, иза юста а ма юста, хIунда аьлча и кхечу къаьмнашна дIаелла ю. Цара шовзткъе шина баттахь и еза гIала хьоьшур ю. 3 Аса Сайн шина тешана олалла лур ду Сайгара болу хаамаш бан. Вон тIедеача тIеюхуш йолу бедарш тIе а юьйхина, цхьа эзар ши бIе кхузткъа дийнахь Соьгара болу хаамаш дIакхайкхор бу цара».
4 ‡Дерриг а Лаьтта тIехь олалла Дечунна хьалха лаьтташ долу ши зайт-дитт а, ши къуьда а бу и ши теш. 5 Нагахь цу шина тешана цхьанна зулам дан лаахь, церан багара араяьллачу цIаро мостагIий дIакхоллур бу. Муьлхха а цу шинна зулам дан лиънарг цу тайпана хIаллакван везаш ву. 6 ‡†Цу шиннан карахь ду, Делера болу хаам шаьш дIакхайкхочу деношкахь лаьтта тIе догIа ца даийтархьама, стигал дIакъовлар. Иштта цу шиннан долахь ду хиш – церан олаллехь ду царах цIий дар. Церан бакъо ю, шайна мосазза лии, муьлхха а тайпана долу ун Лаьттахь дIасадаржо.
7 ‡‡Уьш шайн тоьшалла дина чекхбевлча, бух боцучу Iин чуьра хьаладолуш долу экха тасалур ду царах. Цу экхано, толам а баьккхина, и шиъ вуьйр ву. 8 ‡‡†Церан декъий сийлахьчу гIалин коьртачу урамехь дуьтур ду. Кица далош аьлча, цу гIаланах кхин тайпана Седам а, Мисар а олу. Цигахь церан Веза Эла жIарах дIатоьхна хилла. 9 ТIаккха кхаа дийнаххьий, эха дийнаххьий массо а халкъашна а, тайпанашна а, меттанашна а, къаьмнашна а юкъара дуккхах долчу адамашна и декъий гур ду. И ши дакъа къубба чу дуьллуьйтур дац. 10 Лаьттахь дехаш долу адамаш, цу хиллачух даккхий а деш, самукъадаьлла хир ду. Наха вовшашка совгIаташ а кхийдор ду, оцу шина пайхамаро лаьттахь дехаш долу адамаш дукха хьийзина хилла дела. 11 ‡‡‡Ткъа кхо дей, ах дей дIадаьлча, цу шинна чу Делера йолу дахаран Iаь юьйлира. ТIаккха и шиъ шайн когаш тIе хьалахIоьттира. Ткъа цаьрга хьоьжуш берш чIогIа кхерабелира. 12 §Шина пайхамарна стигалара чIогIа аз хезира. Цо бохура: «Хьаладовла кхуза!» ТIаккха и шиъ мархица стигала хьалавелира. Ткъа церан мостагIий цаьрга хьоьжуш бара. 13 §†Цу сохьта чIогIа мохк бегийра. ГIалин уьтталгIа дакъа доьхна дIадахара. Мохк бегочу хенахь ворхI эзар адам делира. Ткъа бисинчара, чIогIа кхера а белла, стигаларчу Далла хастамаш бира.
14 ТIебеана болу шолгIа бала а дIабелира, амма кестта тIебогIуш кхоалгIа бала а бу.

### ВорхIалгIа турба

15 §††ВорхIалгIачу малико а Шен карара турба лекхира. ТIаккха стигалахь чIогIа аьзнаш девлира. Цара бохура: «Дерриг а дуьнен тIера пачхьалкх хIинца дуьйна вайн Везачу Элан а, Цо леррина Къобалвинчун а карахь ю. Цо ерриг а тIейогIучу заманна паччахьалла дийр ду». 16 Далла хьалха долчу паччахьан гIанташна тIе хиъна Iаш волчу ткъе веа къаночо, шайн кортош лаьтта кхаччалц охьа а таIийна, Далла Iибадат дора. 17 Цара бохура:

«Ва массо а ницкъийн Веза Дела,
Хьуна бу хастам, волуш волу а,
хилла волу а Веза Эла,
Ахьа, Хьайн доккха олалла тIе а лаьцна,
паччахьалла дан доладарна.
18 §‡Къаьмнаш дарделла дIахIиттира,
амма хIинца Хьан оьгIазло а тIееана,
Ахь беллачарна тIехь кхел ен хан а тIекхаьчна.
Ахьа Хьайн ялхой болчу пайхамаршна а,
Хьан долахь болчарна а, Хьо лоруш болчарна а,
лараме боцучарна а, цIеяхана болчарна а
хьакъ дерг дIало хан а тIееана.
Латта хIаллакдеш берш хIаллакбо хан а тIееана!»

19 §‡†Стигалшкара Делан цIа дIаделладелира. Цу чохь Цуьнца бинчу бертан деза тIорказ дара гуш. ТIаккха ткъес а туьйхира, аьзнаш а девлира, стигал а къийкъира, мохк а бегийра, йоккха къора а туьйхира.

### Зуда а, саьрмик а

12 Стигалахь цхьа йоккха билгало дIахIоьттира. Цигахь малхах дина духар тIехь долу зуда яра. Цуьнан когаш кIел бутт бара. Ткъа коьрта тIехь шийтта седа болу таж дара. 2 И зуда берах яра. Бер дан хьийзочу лазаршна, цо мохь хьоьккхура.
3 §†Кхин а цхьана билгалонан сурт а хIоьттира стигалахь. Боккха цIен саьрмик гучубелира. Цуьнан ворхI корта а бара, итт маIа а яра, хIора коьрта тIехь таж а дара. 4 §‡Стигалахь долчу седарчийн кхоалгIа дакъа, шен цIоганца дIа а гулдина, лаьтта охьатесира цо. И саьрмик бер дан дезаш йолчу зудчунна хьалха лаьтташ бара, и бер, дуьнен чу ма-делли, дIакхаллархьама. 5 §§†Оцу зудчо кIант вира. Иза аьчка гIожаца массо а халкъашна тIехь олалла дан билгалваьккхинера. ЦIеххьана и бер Далла хьалха, Цуьнан Iаршана тIе дIадигира.

† 11:1 Яхьазкхиал 40:3; Закри-ЯхIу 2:1, 2. †† 11:2 Лака 21:24. ‡ 11:4 Закри-ЯхIу 4:3, 11-14. ‡† 11:6 а: Сулим 17:1; б: Арадаккхар 7:17-19; ц: Шамъал 4:8. ‡‡ 11:7 а: Даниал 7:7; Довзийтинарг 13:5-7; 17:8; б: Даниал 7:21. ‡‡† 11:8 ЕшаI-ЯхIу 1:9, 10. ‡‡‡ 11:11 Яхьазкхиал 37:10. § 11:12 Сулим 2:11. §† 11:13 Довзийтинарг 6:12; 16:18. §†† 11:15 Арадаккхар 15:18; Даниал 2:44; 7:14, 27. §‡ 11:18 а: Забур 2:5; 109:5; б: Забур 113:21. §‡† 11:19 а: Довзийтинарг 8:5; 16:18; б: Довзийтинарг 16:21. §† 12:3 Даниал 7:7. §‡ 12:4 Даниал 8:10. §§† 12:5 а: ЕшаI-ЯхIу 66:7; б: Забур 2:9.

6 Ткъа и зуда яьссачу аренга дIаедира. Цигахь, цхьа
эзар ши бIе кхузткъа дийнахь цу зудчун дола
дайтархьама, Дала цунна меттиг кечйинера.
7 [†]Стигалахь тIом болабелира. Микаал-малико а,
цуьнан маликаша а саьрмикна дуьхьал тIом бира.
Ткъа саьрмик а, цуьнан тиладелла маликаш а
царна дуьхьалдевлира. 8 Саьрмик а, цуьнан
тиладелла маликаш а цу къовсамехь дуьхьал ца
латтаделира. Стигалшкахь кхин меттиг яцара
царна. 9 [††]И боккха саьрмик Лаьтта охьатесира. Иза
массарна а бевзаш болу шира лаьхьа бара. Цунах
иблис а, Делан мостагIа а олу. Цо дерриг а дуьне
Iехадо. Цуьнца цхьаьна цуьнан маликаш а лаьтта
охьатийсира.
10 [‡]ТIаккха стигалахь чIогIа аз хезира суна. Цу озо
бохура:
«ХIинца Дала вай кIелхьардахар а, Цуьнан
нуьцкъалалла а, паччахьалла а тIекхаьчна.
Цо леррина Къобалвинчун олалла а тIедеана!
ХIунда аьлча, дийнаххьий, буьйсанний вайн
Далла хьалха
вайн динан вежарий бехке а ийзош,
уьш бехкебийриг Лаьтта охьатесна.
11 Вайн динан вежарша Iахаран цIийца а,
шайн тоьшаллин дашца а иза эшийна.
Шаьш делла дIадовллалц шайн са а ца кхоийна
цара.
12 Иштта, яккхийелаш стигалш а,
стигалш тIехь дехаш дерш а!
Декъаза ду-кх лаьтта тIехь а,
хIорда чохь а дехаш дерш!
ХIунда аьлча, шен йисина хан кIеззиг юйла а
хууш,
дарделла долу иблис шу долчу лаьтта доьссина!»
13 Ша лаьтта охьатеснийла а гина, и саьрмик кIант
винчу зудчунна тIаьхьабелира. 14 [‡†]Ткъа зудчунна
йоккхачу аьрзун ши тIам белира, яьссачу аренга
шена кечйинчу метте иза тIема ялийтархьама.
Цигахь, саьрмикна уллора дIа а яьккхина, зама а,
заманаш а, ахзама а чекхъяллалц, цуьнан дола
дийр долуш дара. 15 ТIаккха зудчунна
тIаьхьабаьллачу саьрмико шен багара хи
туьйхира, цуьнга и зуда дIаяхьийтархьама. 16 Амма
Лаьтто гIо дира цу зудчунна. Саьрмико багара
схьатесна долу и хи, дIасадаханчу лаьттан кийрано
дIахуьйдира. 17 Саьрмик чIогIа дарбелира цу
зудчунна. Иза цу зудчун тIаьхьенах болчу
кхечаьрца тIом бан бахара. Уьш бара, Делан
весеташ кхочуш а деш, Iийсах лаьцна долу
тоьшалла лардеш берш.

13 [‡‡]ХIордан гIамар тIехь хIоьттина Iара и
саьрмик [‡‡†].

### ХIорда чуьра схьадаьлла экха

Суна хIорда чуьра схьадолуш долу цхьа экха гира.
Цуьнан ворхI корта а бара, итт маIа а яра. МаIаш
тIехь итт таж дара. Цуьнан кортош тIехь Дела
сийсазвеш йолу цIераш яра. 2 [‡‡‡]И суна гина долу
экха цIокъбергах тера дара. Цуьнан когаш чен
когех тера бара. Ткъа цуьнан бага лоьман баганах
тера яра. Саьрмико шен ницкъ а, шен олаллин
меттиг а, доккха олалла а делира цу экханна.
3 ТIаккха суна гира цуьнан кортойх цхьанна йина
иза лийр долуш санна йолу Iожаллин чов, амма и
чов дIайирзира. Дерриг а дуьне, цец а даьлла, цу
экханна тIаьхьаделира. 4 Адамаша цу саьрмикна
Iибадат дора, цо шен олалла цу экханна делла
дела. Наха, цу экханна Iибадат а деш, олура: «Кху
экхане кхочуш мила ву? Мила ву цуьнца къовсалур
волуш?»
5 [§]Кура а, Iеса а къамелаш ден бага елира цу
экханна. Шовзткъе шина баттахь иштта Iан бакъо
елира цунна. 6 Дела а, Делан цIе а, Дела веха
меттиг а, стигалахь бехаш берш а, сийсаз а беш,
Iеса къамелаш дан долийра цо. 7 [§†]Цунна бакъо
елира Делан нахаца тIом бан а, царна тIехь толам
баккха а. Иштта массо а тайпанашна а, халкъашна
а, меттанашна а, къаьмнашна а тIехь олалла дан
бакъо елира цунна. 8 [§††]Бийначу Iахаран карахь
долчу дахаран тептар тIе шайн цIераш дуьне
кхуллуш дуьйна а дIаяздина доцу массо а адамаш
цу экханна Iамал еш хир ду.
9 Лерган долчо ладугIийла хIокхуьнга.
10 [§‡]Адамна йийсар динарг
ша а вуьгур ву йийсаре.
Туьраца стаг вийнарг
ша а лийр ву туьрах.
Цу тIехь оьшу Делан долахь болчарна доьналла
а, тешар а.

### Лаьттан кийрара схьадолу экха

11 Иштта суна гира лаьттан кийрара схьадолу кхин
а цхьа экха. Цуьнан, Iахаран санна, ши маIа яра.
Цо, саьрмико санна, къамел дора. 12 Хьалхарчу
экханна хьалха ша долчу хенахь, цу экханан ерриге
а бакъонаш лелайора цо. Цу шолгIачу экхано
дерриг а Лаьтте а, цу тIехь дехачу адамашка, а
Iожаллин чов а хилла, амма тоделлачу хьалхарчу
экханна Iибадат дайтира. 13 Цо инзаре тамашийна
билгалонаш гайтира. Ур-атталла стигалара лаьтта
тIе цIе а охьайоуьйтура цо адамашна хьалха.
14 ШолгIачу экхано вукху экханна хьалха Iаламаташ
лело бакъо елира. Уьш лелорца цо лаьттахь деха
адамаш Iехадора. Лаьттахь бехаш болчу массарна
а цо тIедуьллура, туьрах Iожаллин чов а хилла,
амма денделлачу хьалхарчу экханан дина сурт
шайна тIедиллийтар. 15 ШолгIачу экханна бакъо

† 12:7 *Даниал 10:13, 21; 12:1; Довзийтинарг 1:9.* †† 12:9 *а: Доладалар 3:1; б: Лака 10:18.* ‡ 12:10 *Аюб 1:9-11; Закри-ЯхIу 3:1.* ‡† 12:14 *Даниал 7:25; 12:7.* ‡‡ 13:1 *а: Даниал 7:3; б: Довзийтинарг 17:3, 7-12.* ‡‡† *И саьрмик *– цхьадолчу тептарш тIехь ду: *со. *Цу тайпана хIара предложени шолгIачу предложеница йоьзна яра.**

‡‡‡ 13:2 *Даниал 7:4-6.* § 13:5, 6 *Даниал 7:8, 25; 11:36.* §† 13:7 *Даниал 7:21.* §†† 13:8 *Забур 68:29.* §‡ 13:10 *Ярми-ЯхIу 15:2; 43:11.*

елира цу хьалхарчу экханан суьрта чу са дилла а, къамел дайтархьама а, хIора оцу экханан суьртана хьалха Iибадат цадийриг вен бакъо хилийтархьама а. [16] ШолгIачу экхано массо а адамийн – лараме воцчун а, цIеяханчун а, хьалдолчун а, мискачун а, паргIат волчун а, лай волчун а – аьтту куьйга тIе я хьаьжа тIе мухIар таIор тIедиллира. [17] Цу экханан мухIар таIийна воцучу цхьаннан а йиш ца хилла хIумма а я эца а, я йохка а. Ткъа оцу мухIар тIехь цу экханан цIе я цуьнан цIеран терахь дара.

[18] Цу тIехь хьекъалалла оьшу. Хьекъал шен долчо цу экханан терахь, талла а теллина, билгалдаккха. ХIунда аьлча иза адамийн терахьца догIуш ду. Цуьнан терахь ду ялх бIе кхузткъе ялх.

## Iахар а, Цуьнан халкъ а

14 †Со дIахьаьжча, суна Цийон-лам тIехь лаьтташ болу и Iахар гира. Цуьнца цхьаьна лаьтташ цхьа бIе шовзткъе виъ эзар стаг вара. Церан хьаьжнашна тIехь Цуьнан цIе а, Цуьнан Ден цIе а дIаяздйина яра. [2] Суна стигалара аз хезира. Цуьнан гIовгIа чухчарин гIовгIанах а, чIогIа къекъачу стигалан гIовгIанах а тера яра. Шайн дечиг-пондаршна тIехь эшарш лоькхучу пондарчийн аз а хезира суна. [3] Цу нехан тобано стигаларчу Iаршана а, деа дийнатна а, къаношна а хьалха керла йиш лоькхура. Ткъа лаьттара, мах а белла, кIелхьарваьккхинчу, цхьа бIе шовзткъе виъ эзар стаге бен, кхин цхьаьнгге а и йиш ца Iамалора. [4] Уьш, зудчух куьг тохаза, кIантстегарий бара. Уьш бара, Iахар стенгга бодахь а, Иза воьддучу дIабоьлхуш берш. Мах а белла, адамашна юкъара паргIатбаьхна бара уьш, Далла а, Iахарна а ялтин хьалхара стоьмаш санна дIабалархьама. [5] ††Церан багара цхьа а харцдерг ца долура, уьш бехк буьллийла доцуш бара.

## Кхо малик

[6] ТIаккха суна стигална юккъехула тIемадаьлла доьду кхин а цхьа малик гира. Цуьнгахь даим болу хаза кхаъ бара, иза Лаьттахь бехаш болчу массарна а баийтина бара, хIора къомана а, тайпанна а, маттана а, халкъана а дIакхайкхорхьама. [7] Цу малико, мохь тухуш, бохура: «Делах кхералаш! Цунна хастамаш белаш! ХIунда аьлча Цо кхел ен хан тIеккхаьчна. Стигал а, латта а, хIорд а, хин хьостанаш а Кхоьллинчунна Iамал елаш».

[8] ‡Кхин а цхьа малик цуьнан лорах дIадахара. Цо бохура: «Ма хIаллакьхили иза! ХIаллак а хилла, дIаели йоккха Бавел-гIала. Ша сийсаза леларна, Дела дарвеш волу чагIар малийна цо массо а халкъашна».

[9] КхоалгIа малик а дахара церан лорах. Цо, мохь тухуш, бохура: «Нагахь цхьаммо оцу экханна я цуьнан суьртана Iибадат а дахь, я шен хьаьжа тIе, я шен куьйга тIе цу экханан мухIар а таIадайтахь, [10] ‡†Делан оьгIазлонан кеда чу, э а ца деш, доьттина долу Делан дераллин чагIар мер ду цо. Иштта волу стаг Делан маликашна а, Iахарна а хьалха цIергахь а, саьмгал чохь а хьийзор ву. [11] ‡‡Уьш хьийзош йолчу цIеран кIур массо а заманахь хьалаоьхур бу. Цу тайпана я дийнахь, я буьйсанна синтем хир бац, оцу экханна а, цуьнан суьртана а Iибадат а деш, цуьнан цIеран мухIар тIеэцначийн».

[12] Кхузахь, Делан хьехамаш лар а беш, Iийсана тешаме дуьсуш долчу Делан адамашна доьналла долуш хилар оьшу.

[13] ТIаккха суна стигалара аз хезира. Цо соьга бохура: «ДIаязде: „ХIинца дуьйна декъал бу, Везачу Элах тешар а долуш, леш берш“».

«Билггал бакъ ма ду, – боху Делан Сино, – Шаьш дечу гIуллакхех садоIур ду цара. Церан гIуллакхаш а царна тIаьххье дIагIур ду».

## Лаьттахь ялта хьокху хан тIеяр

[14] ‡‡†Со дIахьаьжча, суна кIайн марха гира. Цу мархина тIехь «адамийн кIантах тера волу цхьаъ» вара охьахиъна. Цуьнан коьрта тIехь деших дина таж дара. Ткъа карахь ира марс бара. [15] ‡‡‡Делан цIа чуьра кхин а цхьа малик араделира. Цо мархина тIе охьахиъна волчуьнга айдинчу озаца, мохь тухуш, элира: «Хьайн марс схьа а эций, ялта хьакха! ХIунда аьлча лаьттахь ялта кхиъна а даьлла, марс хьокху хан тIе а кхаьчна».

[16] ТIаккха стигаларчу мархина тIехиъна волчо, лаьттана тIехула шен марс хьала а айина, лаьттара ялта хьаькхира.

[17] Стигалахь долчу Делан цIа чуьра кхин а цхьа малик араделира. Цуьнгахь а ира марс бара.

[18] Ткъа сагIа доккхучу кхерчана уллора цIарна тIехь олалла деш долу кхин а цхьа малик тIедеара. Цо куьйгахь ира марс болчуьнга айдинчу озаца, мохь тухуш, элира: «Хьайн ира марс схьа а эций, лаьттарчу кемсийн таьллангашна тIера кемсийн хорханаш схьаяха, хIунда аьлча и кемсаш хилла яьлла». [19] ТIаккха малико шен ира марс лаьтта тIехула хьалаайира. Лаьттара кемсаш, хеда а йина, Делан дераллин муттдоккхургана чу тесира цо. [20] §ГIалина арахьа лаьттачу муттдоккхурга чохь и кемсаш Iаьвдира. ТIаккха цу чуьра цIий охьадахара, говрийн дуьрстанашна тIе кхаччалц хьала а долуш. Иза кхо бIе *чаккхарма* хиллал гонах дIасадаьржира.

## Шайгахь тIаьххьара ворхI бала болу маликаш

15 ТIаккха стигалахь кхин а цхьа тамашийна билгало гира суна. Иза йоккха а, инзаре а яра. Шайгахь тIаьххьара бисина ворхI бала болу

† *14:1 Яхьазкхиал 9:4; Довзийтинарг 7:3.* †† *14:5 Цапни-ЯхIу 3:13.* ‡ *14:8 ЕшаI-ЯхIу 21:9; Ярми-ЯхIу 51:8; Довзийтинарг 18:2.*

‡† *14:10 а: ЕшаI-ЯхIу 51:17; б: Доладалар 19:24; Яхьазкхиал 38:22.* ‡‡ *14:11 ЕшаI-ЯхIу 34:10.* ‡‡† *14:14 Даниал 7:13.* ‡‡‡ *14:15 Юал 3:13.* § *14:20 ЕшаI-ЯхIу 63:3; Тийжамаш 1:15; Довзийтинарг 19:15.*

ворхI малик а дара цигахь. Уьш тIаьххьара баланаш бара, хIунда аьлча цаьрца чекхйолура Делан дералла.

2 ТIаккха цIерах дIаийна долчу ангалин болуш санна, хIорд гира суна. Ткъа оцу экханна а, цуьнан суьртана а тIехь – шен цIеран терахь долчу цхьанна тIехь – толам баьккхинарш цу ангалин хIордана йистехь лаьтташ бара. Церан карахь Дала делла мерз-пондарш дара. 3 †Цара Далла гIуллакх деш хиллачу Муса-пайхамаран а, Iахаран а илли олура:

«Даккхий а, инзаре а ду Хьан гIуллакхаш,
массо а ницкъийн Веза Дела!
Нийса а, билггал бакъ а ду Хьан некъаш,
дуьненан къаьмнийн Паччахь! ††
4 ‡Мила кхоьрур вацара Хьох, ва Веза Эла?
Хьан цIе а хьан язйийр яцара?
ХIунда аьлча Хьо цхьаъ ву веза!
Массо а халкъаша, тIе а даьхкина,
Хьуна хьалха Iибадат дийр ду.
ХIунда аьлча Ахь нийсонца лелош долу гIуллакхаш
тхуна гучу ма девлла».

5 ‡†Цул тIаьхьа со дIахьаьжира. ТIаккха стигалахь долчу тоьшаллин Четаран уггар а еза чоь дIаеллаелира. 6 Цу чоьнна чуьра, тIаьххьара хир болу ворхI бала а бахьаш, ворхI малик араделира. Царна тIехь яра дуткъачу кIадих йина цIена а, къегаш йолу а бедарш. Некхана гонах дашо доьхкарш а дара. 7 Цул тIаьхьа деа дийнатах цхьаммо оцу маликийн кара ворхI дашо бога делира. Ерриг а тIейогIучу заманна а вехаш волчу Делан дераллех дуьзна дара и боганаш. 8 ‡‡ТIаккха Делан сийлаллин а, нуьцкъалаллин а кIуьрах дуьзира и Делан цIа. Ткъа оцу ворхI малико беана ворхI бала дIабаллалц, цхьанна а стеган цу цIа чу ваха йиш яцара.

## Делан дераллин боганаш

16 Суна Делан цIа чуьра аз хезира. Цо ворхI малике бохура: «ГIой, Делан оьгIазлонан ворхIе а боган чохь дерг лаьтта тIе охьадотта».

2 ‡‡†Хьалхарчу малико, дахана, шен боган чохь дерг лаьтта тIе охьадоьттира. ТIаккха шайна тIехь экханан мухIар а долуш, цуьнан суьртана Iибадат деш долчу адамашна тIехь чIогIа дера а, ирча а ноткъа оьху даьIнаш даьржира.

3 ШолгIачу малико шен боган чохь дерг хIорда чу охьадоьттира. ТIаккха хIорд, деллачу адамийн цIийх а тарлуш, цIий хилла дIахIоьттира. Ткъа хIорда чуьра массо а дийна мел долу хIума делира.

4 ‡‡‡КхоалгIачу малико шен боган чохь дерг хиш чу а, хин хьостанаш чу а охьадоьттира. Царах цIий хилира. 5 ТIаккха хиш карахь долчу малико олуш суна хезира:

«Нийса ву Хьо волуш волу а, хилла волу а Везаниг,
Ахь йина кхелаш иштта хиларна.
6 Хьан долахь болчеран а, Хьан пайхамарийн а цу наха цIий Iанорна,
Ахь цаьрга цIий малийти.
Царна и дан хьакъ а ду».

7 СагIа доккхучу кхерчана уллора а аз хезира суна. Цо бохура:

«ХIаъ, массо а ницкъийн Веза Дела,
билггал бакъ а, нийса а ю Хьан кхелаш».

8 ДоьалгIачу малико шен боган чохь дерг малхана тIе охьадоьттира. Ткъа малхан караделира адамаш цIергахь марцар. 9 Нуьцкъалчу йовхоно адамаш дагадора. Ткъа и баланаш тIебахкийта бакъо йолуш волчу Делан цIе емалйора цара. Шайн къинойх дIа а ца къаьстира уьш, Далла хастамаш а ца бира цара.

10 §ПхоьалгIачу малико шен бога экханан олаллин гIанта тIе охьаIанийра. ТIаккха церан пачхьалкх, Iаьржа бода а хIоьттина, кхоьлира. Адамаша, лазаршна са ца тохадаларна, шайн меттанаш Iуьйшура. 11 Шайн лазарш а, даьIнаш долу чевнаш а бахьанехь адамаша стигаларчу Далла сардамаш доьхура. Амма шаьш лелийначу гIуллакхех дIа ца боьрзура уьш.

12 §†ЙолхалгIачу малико шен бога Эпрат цIе йолчу доккхачу хи чу охьадоьттира. ТIаккха, малхбалехьарчу паччахьашна некъ кечбархьама, и хи лекъира. 13 ТIаккха суна гира саьрмикан багара а, экханан багара а, харцпайхамаран багара а арадолу, бецан пхьидех тера долу кхо харц жин. 14 Уьш жинийн синош дара. Цара тамашийна хIуманаш дора. И жинаш дерриг а дуьнен чуьра паччахьашна тIе дахара, массо а ницкъийн Делан сийлахьчу дийнахь уьш тIаме схьагулбархьама.

15 §††«ЛадогIалаш! Со, къу санна, цIеххьана вогIур ву. Декъала бу, шаьш берзина ца хилийтархьама а, шайн бехке меттигаш гучу ца яхархьама а, тIеюху бедарш куьйга кIел а латтош, сема берш».

16 §‡Иштта, и паччахьаш Iебархойн маттахь ХIар-Магдон олучу метте дIагулбира оцу жинаша.

17 ВорхIалгIачу малико шен боганна чуьрниг хIаваэ охьадоьттира. ТIаккха стигалшкарчу Делан цIа чуьра Iаршана тIера чIогIа аз хезира. Цо элира: «Кхочушхили!» 18 §‡†ТIаккха ткъес туьйхира, стигал къийкъира, гIовгIанаш евлира, чIогIа мохк бегийра. Адамаш лаьттахь дехаш долчу хенахь дуьйна, цкъа а ца хиллачу кепара чIогIа мохк бегийра. 19 §†Йоккха гIала кхаа декъе екъаелира. Ткъа кхечу къаьмнийн гIаланаш хIаллакьхилира. Йоккха Бавел-гIала Шена дагахь йолу дела, Дала таIзар дира цунна. Дала Шен кеда чуьра Шен

† 15:3 Арадаккхар 15:1. †† Дуьненан къаьмнийн паччахь *– цхьадолчу тептарш тIехь: *заманийн паччахь.* ‡ 15:4 а: Ярми-ЯхIу 10:7; б: Забур 85:9. ‡† 15:5 Арадаккхар 38:21. ‡‡ 15:8 Арадаккхар 40:34; Сулим 8:10, 11; 2 Шерашкахь 5:13, 14; ЕшаI-ЯхIу 6:4. ‡‡† 16:2 Арадаккхар 9:10. ‡‡‡ 16:4 Арадаккхар 7:17-21; Забур 77:44. § 16:10 Арадаккхар 10:21. §† 16:12 ЕшаI-ЯхIу 11:15. §†† 16:15 Маттай 24:43, 44; Лака 12:39, 40; Довзийтинарг 3:3. §‡ 16:16 Закри-ЯхIу 12:11. §‡† 16:18 Довзийтинарг 8:5; 11:13, 19. §† 16:19 ЕшаI-ЯхIу 51:17.

оьгIазечу дераллин чагIар дIамалийтира цуьнга.
20 †ХIора гIайре а дIаелира, ткъа лаьмнех кхин
хIумма а ца дисира. 21 ††Стигалара охьа адамашна
тIе хIора буьртиг ши *мазал* хир йолу къора
туьйхира. ТIаккха адамаша оцу къорано хIоттийна
бала бахьана долуш Далла сардамаш доьхкира,
хIунда аьлча и бала инзаре боккха бара.

### ЧIогIа сийсаза лела зуда

17 ‡ТIаккха шайн карахь ворхI бога долчу ворхI
маликах цхьаъ суна тIедеара. Цо соьга элира:
«ТIехилал! Ас хьуна гойтур ду, дуккха а долчу хишна
тIе а хиъна, чIогIа сийсаза лелаш йолчунна дийр
долу таIзар. 2 ‡†Лаьттара паччахьаш а сийсаза
лелара цуьнца цхьаьна. Лаьттахь бехарш а, цуьнан
сийсаза леларан чагIар а муьйлуш, бехаш бара».
3 ‡‡Делан Са суна тIе доьссича, цу малико со
яьссачу аренга вигира. Цигахь суна зуда гира. Иза
цIечу экханна тIехиъна яра. Цу экханна тIехь
массанхьа а Дела сийсазвеш йолу цIераш а яра,
цуьнан ворхI корта а, итт маIа а яра. 4 ‡‡†Зудчунна
тIехь таьIна цIечу басахь а, цIарула-цIечу басахь а
духар дара. Деших йина хIуманаш, деза тIулгаш,
жовхIарш дара цунна тIехь. Цуьнан карахь дашо
кад бара. И кад вас еш долчу гIуллакхех а, нахаца
леларан боьхачу гIуллакхех а буьзна бара. 5 Зудчун
хьаьжа тIе язйина къайлаха маьIна долу цIе яра:
«Йоккха Бавел-гIала сийсаза лелачеран а,
лаьттарчу вас еш долчу гIуллакхийн а нана ю», –
аьлла. 6 ТIаккха суна гира Делан долахь болчеран а,
Iийсана тешаме хилар бахьанехь байинчеран а
цIийно и зуда яхийна хилар.
Иза гича, со чIогIа инзарваьллера. 7 Малико соьга
элира: «Хьо инзар хIунда вуьйлу? Оцу зудчун а, иза
шена тIехь лелош долчу ворхI корта а, итт маIа а
йолчу экханан а къайле юьйцур ю ас хьуна.
8 ‡‡‡Хьуна гина долу и экха цкъа мацах дийна дара,
ткъа хIинца делла. Амма иза кхин цкъа а, бух
боцучу Iин чуьра хьала а даьлла, шен
хIаллакьхиларна тIедогIур ду. ТIаккха, хIара дуьне
кхуллуш дуьйна а шайн цIераш дахаран тептар тIе
дIаязйина а йоцуш, лаьттахь бехарш, и экха шайна
гича, цецбевр бу. ХIунда аьлча иза цкъа дийна а
хилла, тIаккха делла, амма юха, ден а делла,
схьадогIур ду.
9 Кхузахь хьекъалх буьзна кхетам оьшу. ВорхI
корта – иза зуда тIехиъна болу ворхI гу бу. 10 Иштта
уьш ворхI паччахь ву бохург а ду. Царах пхиъ
велла. Цхьаъ хIинца а дийна ву. Ткъа тIаьххьарниг
хIинца а схьаваза ву. Иза схьавеача, кIезигчу
хенахь бен паччахьалла дан ца деза цуьнан. 11 Ткъа
мацах дийна а хилла, хIинца делла долу экха – иза
оцу ворхIаннах цхьаъ волу борхIалгIа паччахь ву.
Иза шен хIаллакьхиларна тIевогIур ву.
12 §Хьуна гуш йолу итт маIа – уьш хIинца а олалла
дан волавалаза волу итт паччахь ву. Царна
хIоранна а цхьацца сахьтехь экханца цхьаьна,
паччахьо санна, олалла дан бакъо лур ю. 13 Оцу
итте а паччахьан цхьатерра Iалашонаш хир ю.
Цара шайн ницкъ а, олалла а экханна дIалур ду.
14 Цара Iахарца тIом бийр бу. Ткъа Iахаро царна
тIехь толам боккхур бу, хIунда аьлча Иза ву
олахойн Олахо а, паччахьийн Паччахь а. Ткъа
Цуьнца берш бу Цо кхайкхинарш а, къастийнарш
а, тешаме берш а».
15 Малико соьга элира: «Шена тIехь и нахаца
лелаш ерг а йолуш, хьуна гина долу и хиш – уьш
халкъаш а, тобанаш а, къаьмнаш а, меттанаш а
бохург ду. 16 Хьуна гиначу итте а маIана а, экханна а
бIаьрга ян а езар яц и нахаца леларг. Цуьнан
долахь мел дерг схьа а даькkхина, цара иза ерзина
йоккхур ю. Цара цуьнан дегI а дуур ду, и цIергахь
ягор а ю. 17 ХIунда аьлча Дала оцу итт маIан даг чу
Шен Iалашо кхочушъяр чудиллина. Иштта цара
вовшашца барт бийр бу шайн паччахьалла
экханан дола дIадала. Иза иштта хир ду, Делан
дешнаш кхочушхиллалц.
18 Ткъа хьуна гина йолу зуда – иза лаьттарчу
паччахьашна тIехь олалла деш йолу йоккха гIала
ю».

### Бавел-гIалин хIаллакьхилар

18 Цул тIаьхьа суна гира стигалара охьадогIу
кхин а цхьа малик. Цуьнан долахь доккха
олалла дара. Оцу маликан нуьро латта къагийра.
2 §†Цо айдинчу озаца, мохь тоьхна, элира: «Ма
хIаллакьхили иза! ХIаллак а хилла, дIаели-кх йоккха
Бавел-гIала. Жинашна Iан меттиг а, муьлххачу а
харц жинна дIалачкъа меттиг а хили цунах.
Муьлххачу а хьарамчу олхазаран бен а, муьлххачу
а хьарамчу а, маьттазчу а экханан бен а хили
цунах. 3 §††ХIунда аьлча ша сийсаза леларна, Дела
дарвеш долу чагIар малийна цо массо а
халкъашна. Дуьнен чуьра паччахьаш а
сийсазбевли цуьнца цхьаьна. Иштта дуьнен чуьра
совдегарш а хьал долуш хилла дIахIиттира, цуьнан
сов баккхий боьха лаамаш бахьана долуш».
4 §‡ТIаккха стигалара кхечу цхьана озо олуш
хезира суна:
«Сан халкъ, арадала оцу гIали чуьра,
цигахь къинош леточарна юкъахь дакъалоцуш
хьо ца хилийта,
хьуна хьайна а, царна санна, цамгарийн ун ца
кхетийтархьама.
5 §‡†Цуьнан къинош стигала хьалакхаччал ду.

† 16:20 Довзийтинарг 6:14. †† 16:21 Арадаккхар 9:23; Довзийтинарг 11:19. ‡ 17:1 Ярми-ЯхIу 51:13. ‡† 17:2 ЕшаI-ЯхIу 23:17; Ярми-ЯхIу 51:7. ‡‡ 17:3 Довзийтинарг 13:1. ‡‡† 17:4 Ярми-ЯхIу 51:7. ‡‡‡ 17:8 а: Даниал 7:7; Довзийтинарг 11:7; б: Забур 68:29.

§ 17:12 Даниал 7:24. §† 18:2 а: ЕшаI-ЯхIу 21:9; Ярми-ЯхIу 51:8; Довзийтинарг 14:8; б: ЕшаI-ЯхIу 13:21; Ярми-ЯхIу 50:39. §†† 18:3 ЕшаI-ЯхIу 23:17; Ярми-ЯхIу 51:7. §‡ 18:4 ЕшаI-ЯхIу 48:20; Ярми-ЯхIу 50:8; 51:6, 45. §‡† 18:5 Доладалар 18:20, 21; Ярми-ЯхIу 51:9.

Ткъа цуьнан харцонаш Далла дагахь ю.
6 †Цо кхечарна динчу гӀуллакхашка хьажжий,
дӀадекхалаш цунна!
Цо шайна динчунна дуьхьал шозза а
дӀадекхалаш цунна.
Цо шайна чагӀар кечдинчу кедахь
цул шозза дукха чагӀар кечде аша цунна.
7 ††Хьолана юкъа а яхана, шен сийлалла хьала а
даьккхина, иза Ӏийна хиларе терра,
аша а оццул баланехь а, гӀайгӀанехь а хилийта
иза.
ХӀунда аьлча цо шен дагахь боху: „Со паччахь
хилла Ӏаш ю.
Со йисина Ӏаш ерг яц.
Со цкъа а хир яц гӀайгӀане!“
8 Цундела цхьана дийнахь богӀур бу цунна тӀе
цуьнан баланаш:
ялар а, гӀайгӀане хилар а, мацалла а.
И гӀала цӀергахь йогур ю,
хӀунда аьлча ницкъ болуш ву цунна кхел йо Веза
Дела».
9 ‡ТӀаккха, и гӀала йогуш, цунах хьалабаьлла кӀур
шайна гича, цу гӀалахь сийсаза лелла болу а, хьал
лакхадаьлла болу а дуьнен чуьра паччахьаш,
цунна тийжа а тийжаш, боьлхур бу. 10 Цу гӀалина
тӀедеанчу Ӏазапна, даг чу кхерамаш а тесна, генна
дӀа а хӀиттина, цара эр ду:
«Къа ду хьан, йоккха гӀала!
Къа ду нуьцкъалчу Бавел-гӀалин!
ХӀунда аьлча нийсса цхьана сахьтехь
хьуна кхел йина-кх!»
11 ‡†Оцу гӀалина хилларг бахьанехь боьлхуш а,
гӀайгӀанехь а хир бу дерриг а дуьнен чуьра
совдегарш а. ХӀунда аьлча церан юхкуш йолу
хӀуманаш хӀинца цхьаммо а оьцуш яц. 12 ‡‡Уьш яра
дашо а, дато а хӀуманаш а, деза тӀулгаш а,
жовхӀарш а, дуткъачу кӀадих йина хӀуманаш а,
таьӀна-цӀен долу кӀадеш а, дареш а, цӀарула-цӀен
бос болу кӀадеш а. Иштта духкуш дара цара массо а
тайпана хаза хьожа йогӀу дечиг а, пийлан
кӀомсарех йина йолу тайп-тайпана хӀуманаш а,
уггар а дезачу дечигах йина йолу массо а тайпана
хӀуманаш а, цӀаста а, эчиг а, шагатӀулг а, 13 хаза
хьожа йогӀу даьтта а, хаза хьожа йогӀу кӀур
хьалабохуьйтург а, деза хьакхарш а, чагӀар а,
зайтдаьтта а, дама а, ялта а, бежанаш а, уьстагӀий
а, дой а, гӀудалкхаш а. Иштта леш а, йийсар
динарш а бара цара бухкуш. 14 Цара эр ду: «Хьайн
дола яха хьо хьегна мехала хӀуманаш ерриш а хьан
долара дӀаевлла. Дерриге а сийлалла а, возалла а
дайна, йиси хьо. Уьш кхин хир дац хьан». 15 ‡‡†И
массо а хӀуманаш а юхкуш, мах лелош хилла болу,
цунах хьал лакхадаьлла совдегарш, цуьнан
баланех кхера а белла, гено дӀахӀуьттур бу.
Боьлхуш а, гӀайгӀанехь а болуш, 16 цара эр ду:
«Къа ду хьан, ва йоккха гӀала!
Дуткъачу а, таьӀна-цӀечу а, цӀарула-цӀечу а
кӀадийн бедарш тӀеюьйхира ахь.
Дешин хӀуманашца а, дезачу тӀулгашца а,
жовхӀаршца а
кечйора хьо.
17 ‡‡‡Цхьана сахьтехь хӀаллакьхили-кх оццул дукха
хилла долу хьал!»
Массо а хӀордкеманаш долахь берш а,
хӀордкеманашна тӀехь болу некъахой а,
кемалелорхой а, берриг а хӀордаца доьзна
йохкаэцар лелош берш а генна дӀахӀиттира.
18 §Цара, йогучу гӀалин цӀерах хьалаболу кӀур а
гина, элира: «Муьлха гӀала яра те цу йоккхачу
гӀаланах тера?!» 19 §†ТӀаккха шайн кортош тӀе ченаш
тийсира цара. ГӀайгӀане а эгна, белха а боьлхуш,
цара, мохь а бетташ, бохура:
«Къа ду хьан, ва йоккха гӀала!
ХӀордана тӀехь долу массо а хӀордкеманаш шайн
долахь долчара
оцу гӀалин деза а, мехала а мел долчу хӀуманах
шайн хьал совдаьккхира.
Ткъа хӀинца-м иза цхьана сахьтехь йоьхна
дӀахӀоьтти».
20 §††Яккхийелаш шу, стигалш! Даккхийделаш шу,
Делан долахь дерш а, векалш а, пайхамарш а!
ХӀунда аьлча Дала кхел йина цунна, цо шуна мел
дина вон бахьанехь.
21 §‡Цхьана нуьцкъалчу малико, хьеран боккхачу
тӀулгах тера болу тӀулг схьа а эцна, хӀорда чу
кхоьссира. Цо элира:
«Иштттачу ницкъаца хӀаллакйийр ю
сел йоккха йолу Бавел-гӀала,
иза кхин юха хир а йоцуш!
22 §‡†Кхин цкъа а хезар дац хьуна чохь
мерз-пондар лоьккхучеран а, иллеш олучеран а
аьзнаш,
шедагаш а, маӀаш а локхучеран а аьзнаш.
Цхьана а тайпана пхьераш кхин хир бац хьуна
чохь.
Болх беш хьийзаш йолчу кохьаран гӀовгӀа а
хезар яц хьуна чохь.
23 Къуьданан серло а кхин хир яц хьуна чохь.
Кхин цкъа а хезар дац хьуна чохь нускалийн а,
уьш балош болчеран а аьзнаш.
Хьан совдегарш бара кху дуьненахь уггар а
хьалдерш.
Хьуна чохь болчу бозбунчаша Ӏехийнера массо а
халкъаш».
24 §†Кху гӀалахь карийнера байинчу пайхамарийн
а, Делан нехан а, массо а кху лаьттахь байинчеран
а цӀий!

*† 18:6 Забур 136:8; Ярми-ЯхӀу 50:29. †† 18:7, 8 ЕшаӀ-ЯхӀу 47:7-9. ‡ 18:9, 10 Яхьазкхиал 26:16, 17. ‡† 18:11 Яхьазкхиал 27:31, 36. ‡‡ 18:12, 13 Яхьазкхиал 27:12, 13, 22. ‡‡† 18:15 Яхьазкхиал 27:31, 36.*

*‡‡‡ 18:17 ЕшаӀ-ЯхӀу 23:14; Яхьазкхиал 27:26-30. § 18:18 Яхьазкхиал 27:32. §† 18:19 Яхьазкхиал 27:30-34. §†† 18:20 Карлабаьккхинарг 32:43; Ярми-ЯхӀу 51:48. §‡ 18:21 а: Ярми-ЯхӀу 51:63, 64; б: Яхьазкхиал 26:21. §‡† 18:22, 23 Ярми-ЯхӀу 7:34; 25:10. §† 18:24 Ярми-ЯхӀу 51:49.*

19 Цул тӀаьхьа, йоккхачу тобано олуш санна,
стигалара чӀогӀа аз хезира суна. Цо бохура:
«Далла бу хастам! †
Вайн Делехь ду кӀелхьардовлар а, сийлалла а,
нуьцкъалалла а.
2 ††Цуьнан кхелаш билггал бакъ а,
нийсо йолуш а ю.
Цо кхел йира оцу чӀогӀа сийсаза лелаш йолчунна,
оцу йоккхачу гӀалина.
Цо шен сийсаза леларца дуьне а бехдинера.
Цо Делан ялхой болчеран цӀий Ӏанорна,
Дала цунна догӀуш долу таӀзар дира».
3 ‡ШозлагӀа а олуш хезира суна:
«Хастам бу Далла!
Ерриг а тӀейогӀучу заманна а хир бу цу гӀалина
тӀехула хьалатуьйсуш кӀур».
4 ТӀаккха ткъе виъ къано а, диъ дийнат а Ӏаршана
тӀехиъна Ӏаш волчу Далла хьалха суждане дахара.
Цара бохура: «Амин! Хастам бу Далла!»

### Ӏахаро зуда ялор

5 ‡†ТӀаккха оцу Ӏаршара схьадолу кхин а аз хезира.
Цо бохура:
«Хастамаш бе вайн Далла
массо а Цуьнан ялхой болчара а,
Цунах кхоьруш болчу
лараме боцучара а, цӀеяханчара а».
6 ‡‡Суна хезира йоккхачу тобанна чуьра долуш
санна долу аз а. Чухчарин гӀовгӀанах я чӀогӀачу
стигалан къекъарх тера дара и аз. Цо бохура:
«Хастам бу Далла!
ХӀунда аьлча массо а ницкъийн Веза Дела
паччахьалла дан волавелла.
7 Даккхийдерца, самукъадаьлла хир ду вай.
Далла хастамаш беш, Цуьнан сийлалла ойур ю
вай.
ХӀунда аьлча Ӏахаро зуда яло хан тӀекхаьчна,
ткъа Цо ялош ерг кечъелла.
8 Цо цӀена а, лепаш долчу а дуткъачу кӀадинан коч
тӀеюьйхина».
(Ткъа и дуткъа кӀади – Делан долахь болчара
Цуьнан лаамехь дина долу гӀуллакхаш бохург ду.)
9 ‡‡†Малико соьга элира: «ДӀаязде: „Декъала бу
Ӏахаро зуда ялорна дӀахӀоттийначу тойне
кхайкхинарш“». Кхин а цо элира: «ХӀорш билггал
бакъдолу Делан дешнаш ду».
10 Со цуьнан когашка вуьйжира, цунна хьалха
Ӏибадат дан дагахь, амма малико соьга элира:
«Варелахь, и ма делахь! Со а ду Далла гӀуллакх деш
дерг, хьо а, Ӏийсах лаьцна долу тоьшалла лардеш
болу хьан вежарий а санна. Далла бен ма де
Ӏибадат! ХӀунда аьлча Делера болчу хаамийн дух
Ӏийсах лаьцна долу тоьшалла ду».

### КӀайчу дин тӀехь волу дошло

11 ‡‡‡Суна гира дӀаеллаелла стигал. Цигахь лаьтташ
кӀайн дин бара. Цу тӀе хиъна Волчух тешаме Верг а,
билггал волу бакъ Верг а олу. Цо кхел яр а, тӀом бар
а нийсонца леладо. 12 §Цуьнан бӀаьргаш йогуш
йолчу цӀерах тера ду. Ткъа Цуьнан коьрта тӀехь
дукха а таьжнаш ду. Цунна тӀехь язйина, Цунна
Шена бен, кхин цхьанна а хууш йоцу цӀе ю.
13 ЦӀийно тӀадийна оба яра Цунна тӀехь. Беречун
цӀе «Делан Дош» ю. 14 Цунна тӀаьхьахӀиттина
догӀуш дара стигалан эскарш. Церан дошлой кӀайчу
дойшна тӀехь бара, ткъа царна тӀехь яра цӀеначу
дуткъачу лепаш долчу кӀадих йина бедарш.
15 §†Цуьнан багара ира тур схьадолура, халкъашна
тӀехь толам баккхархьама. Аьчка гӀожаца Цо
олалла дийр ду царна тӀехь. Массо а ницкъийн
Делан оьгӀазечу дераллин муттдоккхургана чохь
Цо кемсаш хьоьшур ю. 16 Цуьнан духар тӀехь а,
хаьн тӀехь а язйина иштта цӀе ю: «Паччахьийн а
Паччахь, олахойн а Олахо».
17 §††ТӀаккха суна гира малхехь лаьтташ долу цхьа
малик. Цо, аз а айдина, мохь туьйхира стигална
юккъехула тӀемадаьлла доьдучу массо а
олхазаршка: «ТӀема а довлий, схьагулло Делан
доккхачу тойне. 18 Аша дӀадаа паччахьийн а, тӀеман
коьртачу хьаькамийн а, тӀемалойн а дилха а, иштта
дойн а, церан дошлойн а, паргӀат болчу массеран
а, леш болчеран а, лараме боцучеран а,
цӀеяхначийн а дилха а».
19 ТӀаккха суна гира экха а, дуьнен чуьра
паччахьаш а шайн эскаршца цхьаьна. Уьш
гулделлера оцу дин тӀе хиъна Волчунна а, Цуьнан
эскарна а дуьхьал тӀом бан. 20 §‡Амма экха а, цунна
хьалха тамашийна билгалонаш еш хилла волу
харцпайхамар а схьалецира. Оцу шен
гӀуллакхашца цо Ӏехийнера экханан мухӀар шайна
тӀедиллийтинарш а, экханан суьртана Ӏибадат
дийраш а. Экха а, харцпайхамар а, ший а дийна
доллушехь, чохь саьмгал долчу а, цӀе яьлла богучу
а Ӏома чу тесира. 21 Ткъа бисина болу кхиберш дин
тӀе хиъна Волчун багара схьадолучу туьраца
байира. Дерриге а олхазарша шаьш дуззалц церан
дилха диира.

### Цхьана эзар шарахь лаьттар долу паччахьалла

20 Стигалшкара охьадуссу малик гира суна.
Цуьнан карахь бух боцучу Ӏинан догӀа а дара,
стомма зӀе а яра. 2 §‡†Шех иблис а, Делан мостагӀа а
олу, шира лаьхьа болу саьрмик, схьа а лаьцна,
цхьана эзар шарна зӀенашца дӀабихкира малико.

---

† *Далла бу хастам *– ма-дарра аьлча, яздархочо кхузахь а, берриге а 19-чу коьртехь а Ӏебархойн маттера долу дош леладо: *ХӀалалу-ЯхӀу.** †† *19:2 Карлабаькkхинарг 32:43; Сулим 9:7.* ‡ *19:3 ЕшаӀ-ЯхӀу 34:10.* ‡† *19:5 Забур 113:21.* ‡‡ *19:6 а: Яхьазкхиал 1:24; б: Забур 92:1; 96:1; 98:1.* ‡‡† *19:9 Маттай 22:2, 3.*

‡‡‡ *19:11 а: Яхьазкхиал 1:1; б: Забур 95:13; ЕшаӀ-ЯхӀу 11:4.* § *19:12 Даниал 10:6.* §† *19:15 а: Забур 2:9; б: ЕшаӀ-ЯхӀу 63:3; Юал 3:13; Довзийтинарг 14:20.* §†† *19:17, 18 Яхьазкхиал 39:17-20.* §‡ *19:20 Довзийтинарг 13:1-18.* §‡† *20:2 Доладалар 3:1.*

3 Цу саьрмике тIедогIу долчу цхьана эзар шарахь адамаш ца Iехадайтархьама, малико, иза бух боцучу Iин чу а тесна, и Iин дIакъевлира, неIарна мухIар а тухуш. И эзар шо чекхдаьлча, цхьа кIеззигчу ханна иза арахеца безар бу.

4 †Цул тIаьхьа суна гира паччахьан гIанташ. Царна тIе охьахиъна болчеран караделлера кхел яр. Делан дош дIасадаржорна а, Iийсах тоьшалла дарна а тIера кортош даьхна болчеран синош а гира суна. Я экханна а, я цуьнан суьртана а Iибадат ца динера цара. Цу экханан мухIар а тIе ца диллийтинера цара я шайн хьаьжнаш тIе а, я куьйгаш тIе а. Цара, беллачуьра ден а белла, Дала леррина Къобалвинчуьнца цхьаьна эзар шарахь паччахьалла дира. 5 (Ткъа белла болу биснарш и эзар шо чекхдаллалц денбелла бацара.) Нах беллачуьра дуьххьара денбалар ду иза. 6 Декъала а, Дала даздина а ду-кх оцу нах беллачуьра дуьххьара денбаларехь дакъалоцу долу адамаш. ШолгIачу даларан олаллехь дац уьш. И нах Делан а, Дала леррина Къобалвинчун а динан дай хир бу. Цара цхьана эзар шарахь Цуьнца паччахьалла дийр ду.

### Иблисана тIехь толам баккхар

7 И эзар шо чекхдаьлча, иблис чудоьллинчуьра дIахоьцур ду. Дуьненан еа а йистехь долу халкъаш, ГIогI а, МагIогI а, Iехадеш арадер ду и. Цо тIаме схьагулдийр ду, хIордан берда тIера гIум санна, дукха долу адамаш. 8 ††Уьш дуьне мел ду дIадахара. Делан долахь болчеран меттаматтана го бира цара – иза Далла езна йолу гIала ю. 9 Амма стигалара цIе йоьссира, цу цIеро мостагIийн эскарш дIакхаьллира. 10 Ткъа уьш Iехош хилла долу и иблис цIе яьлла богучу саьмгалан Iам чу тесира. Цу Iам чохь экха а дара, харцпайхамар а вара. Цара дийнахь а, буса а Iазап хьоьгур ду ерриг а тIейогIучу заманахь.

### Адамашна тIаьххьара кхел яр

11 ‡Цул тIаьхьа суна гира йоккха кIайн басахь йолу Iарш а, цигахь хиъна Верг а. И волчуьра стигал а, латта а къайладелира, царна кхин меттиг ца йисира. 12 ТIаккха суна гира лараме боцу а, цIеяхана хилла болу а белларш. Уьш Iаршана хьалха лаьтташ бара. Масех тептар схьадиллира. ТIаккха кхин а цхьа тептар схьадиллира – иза дахаран тептар дара. Цу тептаршна тIе дIаяздина долчу адамийн гIуллакхашка хьаьжжина, кхел йора оцу беллачарна. 13 ХIордо а схьабелира шена чохь болу белларш. Шайна чохь болу белларш схьабелира Iожалло а, эхарто а. Царна хIоранна а, шайн-шайн гIуллакхашка хьаьжжина, кхел йира. 14 Iожалла а, эхарт а цIе яьлла богучу Iам чу тесира. (И Iам шозлагIа валар ду.) 15 Дахаран тептар тIе дIаязвина мел воцург цIе яьлла богучу Iам чу тесира.

### Керла стигал а, керла латта а

21 ‡†Керла стигал а, керла латта а гира суна, хIунда аьлча хьалха хилла йолу стигал а, латта а хIинца дIадаьллера. ХIорд а кхин бацара. 2 ‡‡ТIаккха суна гира Делан гIала. Шен майрачунна кечдина долу нускалх тера йолу, Дела волчуьра стигалара охьайогIу керла Ярушалайм-гIала яра иза. 3 ‡‡†Стигаларчу Iаршара айдина долу аз хезира суна. Цо бохура: «ХIинца Дела Iаш волу меттиг адамашна юкъахь ю! Дела цаьрца Iийр ву, ткъа царах Цуьнан халкъ хир ду. Церан Дела Ша и адамаш долчохь Iийр ву. 4 ‡‡‡Дала церан хIора бIаьрхи а дIадоккхур ду. ХIинца дуьйна кхин валар, я белхар, я тийжар, я лазар хир дац, хIунда аьлча хьалхалера хIуманаш дIадевлла».

5 Iаршана тIе хиъна Волчо элира: «ХIинца Ас массо а хIума керла кхуллур ду». ТIаккха Цо элира: «ДIаязде иза, хIунда аьлча хIара дешнаш тешаме а, билггал бакъ а ду». 6 §Кхин а Цо соьга элира: «Со ву массо а хIума Долийнарг а, чекхдоккхун Верг а, церан Хьалхе а, Чаккхе а. Хьогах волчунна Ас бакъо лур ю дахаран хи долчу шовдан чуьра маьхза хи мала. 7 §†Толам баьккхинчунна и дерриг а дуьсур ду, ткъа Со цуьнан Дела а хир ву, иза Сан кIант а хир ву. 8 Ткъа кIиллойн а, Iийсах тешар доцучеран а, вон болчеран а, адам дийначеран а, сийсаза лелачийн а, бозбунчийн а, харцделанашна Iамал еш болчеран а, массо а харцлуьйчеран а дакъа хир ду цIарах а, саьмгалх а богучу Iам чохь. Иза шозлагIа валар ду».

### Керла Ярушалайм

9 ТIаккха тIаьхьарчу заманан баланех дуьзна долу ворхI бога шайн карахь долчу маликех цхьаъ суна тIедеара. Цо соьга элира: «Схьавола, Iахаро далон долу нускал гойтур ду ас хьуна». 10 §††Суна тIе Делан Са доьссича, малико со боккхачу, лекхачу лам тIе ваьккхира. Цигахь цо суна гайтира стигалара Дела волчуьра охьайогIу еза Ярушалайм-гIала. 11 Делан сийлалла яра цу гIалина чохь. Къегаш болчу яспис олучу безачу тIулгах а, чекх са гуш долчу цIеначу ангалих а тера дара цуьнан лепар. 12 §‡Цу Ярушалайм-гIалина гонах боккха а, лекха а пен бара. Цуьнан шийтта ков а дара. Кевнашкахь лаьтташ шийтта малик дара. Ткъа цу кевнашна тIе дIаязйина Исраилан халкъан шийтте а тайпанийн цIераш яра. 13 Царах кхо ков малхбалехьа агIор дара, кхин кхоъ – къилбаседехьа, важа кхоъ – къилбехьа, дисина кхоъ малхбузехьа агIор дара.

† *20:4 Даниал 7:9, 22.* †† *20:8 а: Яхьазкхиал 7:2; б: Яхьазкхиал 38:2, 9, 15.* ‡ *20:11, 12 Даниал 7:9, 10.*

‡† *21:1 ЕшаI-ЯхIу 65:17; 66:22; 2 Кипин 3:13.* ‡‡ *21:2 а: ЕшаI-ЯхIу 52:1; б: Довзийтинарг 3:12; ц: ЕшаI-ЯхIу 61:10.* ‡‡† *21:3 Яхьазкхиал 37:27; Iамалъяр 26:11, 12.* ‡‡‡ *21:4 а: ЕшаI-ЯхIу 25:8; б: ЕшаI-ЯхIу 35:10; 65:19.* § *21:6 ЕшаI-ЯхIу 55:1.* §† *21:7 Дауд 7:14; Забур 88:27, 28.* §†† *21:10 Яхьазкхиал 40:2.* §‡ *21:12, 13 Яхьазкхиал 48:30-35.*

14 ГIалин и пенаш шийтта тIулган бух тIехь лаьтташ дара. Цу баххаш тIе дIаязйина Iахаран шийтта векалан цIераш яра. 15 †Цу гIалин а, цуьнан кевнийн а, пенийн а йохалла а, шоралла а, лакхалла а юста лерина дашо гIаж яра соьца къамел деш волчуьнгахь. 16 И гIала биъ са болуш дIахIоттийнера. Цуьнан йохалла а, шоралла а цхьатерра яра. Оцу гIожаца цо и гIала юьстира. Иза бIозза шийтта эзар сажа хилира. Ткъа цуьнан йохаллин а, шораллин а, лакхаллин а барам цхьатерра бара. 17 ТIаккха пенийн лакхалла а юьстира малико. Адамаша бустучу барамехь юстура малико. Пенаш цхьа бIе шовзткъе диъ дол лекха дара. 18 И пенаш яспис олучу дезачу тIулгех дина дара. ГIала ша а цIеначу деших йина яра. И деши, ангали санна, чекх са гуш дара. 19 ГIалин пенийн баххаш массо а тайпанарчу дезачу тIулгашца кечдина дара. Цхьана пенан бух яспис олучу, шолгIаниг – саппир олучу, кхоалгIаниг – халкидон, боьалгIаниг – изумруд, 20 пхоьалгIаниг – сардоникс, йолхалгIаниг – сардис, ворхIалгIаниг – хризолит, борхIалгIаниг – вирил, уьссалгIаниг – топаз, уьтталгIаниг – хризопрас, цхьайтталгIаниг – яцинт, шийтталгIаниг – аметист олучу дезачу тIулгех бинера. 21 ГIалин шийтта ков шийтта жовхIар дара. ХIора ков цхьацца жовхIарх дина дара. ГIалин коьртачу урамера некъ цIеначу деших бинера. Урамаш чекх са гуш долчу ангалих тера дара.

22 Цу гIалахь Делан цIа ца гира суна, хIунда аьлча Далла Iибадат дечу цIийнан метта массо а ницкъийн Веза Дела а, Iахар а Шаьш бу цу гIалахь. 23 ††Оцу гIалина иза серлаялийтархьама я малх, я бутт ца оьшу, хIунда аьлча Делан сийлаллин нуьро серлайоккху иза. Iахар а цуьнан къуьда бу. 24 ‡Цу серлонгахь дуьненан халкъаш а лелар ду, дуьненарчу паччахьаша а шайн хьал дахьар ду цу гIали чу. 25 ‡†Оцу гIалин кевнаш дийнахь дIа а ца къовлу, цигахь буьйса хир йоцу дела. 26 Халкъийн хьал а, хазна а цу гIали чу яхьар ю. 27 ‡‡Цхьа а боьха хIума а, иштта сийсаза долу гIуллакхаш дийраш а, харцдерг лелош берш а чубеврг бац цу гIалина. Iахарехь долчу дахаран тептар тIехь цIераш язйина берш бен, цхьа а гIур вац цу чу.

22 ‡‡†ТIаккха малико суна гайтира шена чохь дахаран хи долу шовда. ЦIеначу ангалих тера цIена хи дара иза. Делан а, Iахаран а Iаршера схьадолура и шовда. 2 ‡‡‡Иза гIалин коьртачу урамна юккъехула чекхдолура. Оцу чекхдолучу хин шинна а агIор лаьтташ дара дахаран дитташ. Цара цхьана шарахь шуьйттазза стом ло – хIора баттахь цкъа а луш. Ткъа дитташ тIера гIаш халкъашна дарбана делла. 3 §Шайна неIалт кхайкхийнчарах кхин хIумма а хир дац цигахь. Эццахь Делан а, Iахаран а Iарш хир ду, ткъа Цуьнан ялхой а хир бу Цунна Iамал еш. 4 Цигахь Делан юьхь а гур ю царна. Цуьнан цIе а хир ю церан хьаьжнашна тIехь. 5 §†Буьйса а кхин хир яц цигахь. Кхин оьшур яц цигахь я стогаран, я малхан серло, хIунда аьлча Везачу Дала Ша лур ю царна серло. Цара, паччахьаша санна, олалла дийр ду ерриг а тIейогIучу заманахь.

### Iийса схьавар

6 Малико соьга элира: «ХIара дешнаш тешаме а, билггал бакъ а ду. Шен Сине пайхамарш иракарахIуьттуьйтучу Везачу Дала Шен малик дахийтира кестта хила деза хIуманаш Шен ялхошна гайта».
7 «Хаалаш, Со кестта вогIур ву. Декъала ву кху тептар тIехь дIаяздина долу Делера болчу хааман дешнаш лардеш верг!»

8 Со, Яхьъя, и дерриге а хезнарг а, гинарг а ву. И хIуманаш хезна а, гина а ваьллачул тIаьхьа, уьш сайна гайтинчу маликан когашка вуьйжира со, цунна Iибадат дархьама. 9 Амма малико соьга элира: «Варелахь, и ма делахь, хIунда аьлча хьо а, хьан динан вежарий болу пайхамарш а, кху тептар тIехь дерг мел лардийриг а санна, со а ду Цуьнан ялхо. Далла бен ма де Iибадат!»

10 Малико кхин а элира соьга: «Кху тептар тIехь язбина болу Делера хаам къайлла ма баккхалахь, хIунда аьлча и дерриг а хир долу хан тIекхочуш ю.
11 §††Харцдерг лелочара кхидIа а леладойла изза. Боьха лаамаш кхочушбийраш кхин а бехлойла. Делан лаамехь берш кхидIа а лелийла бакъонца. Далла гергахь цIена берш кхидIа а цIена лелийла».
12 §‡Iийсас боху: «Со кестта вогIур ву. Сан ял а Соьца ю, хIоранна а, ша динчу гIуллакхашка хьаьжжина, хьакъ дерг дIададалархьама. 13 §‡†Со ву массо а хIума Долийнарг а, чекхдоккхун Верг а, церан Хьалхе а, Чаккхе а, Дуьххьарлераниг а, ТIаьххьарлераниг а».

14 §†Декъала бу шайн духарш цIандинарш. Цундела церан бакъо хир ю, кевнехула чекх а бевлла, гIалин чу бовла а, дахаран диттана тIера стом баа а. 15 ГIалина арахь буьсур бу жIаьлех тера леларш а, бозбунчаш а, сийсаза леларш а, стаг вийнарш а, цIушна Iамал йийраш а, массо а харцонаш ян а лууш, уьш йийраш.
16 §‡«Аса, Iийсас, Сайн малик дахийтина динан тобанашкахь долчу шуьга оцу хIуманех лаьцна хаам байта. Со ву Даудан Орам а, ТIаьхье а, Iуьйренан сирла Седа а».

17 §§†Делан Сино а, нускало а доьху: «Схьаволахь!» – бохуш.

И хезаш волчо а олийла: «Схьаволахь!»

† *21:15 Яхьазкхиал 40:3.* †† *21:23 ЕшаI-ЯхIу 60:19, 20.* ‡ *21:24 ЕшаI-ЯхIу 60:3.* ‡† *21:25, 26 ЕшаI-ЯхIу 60:11.* ‡‡ *21:27 ЕшаI-ЯхIу 52:1; Яхьазкхиал 44:9.* ‡‡† *22:1 Яхьазкхиал 47:1; Закри-ЯхIу 14:8.* ‡‡‡ *22:2 Доладалар 2:9.* § *22:3 Закри-ЯхIу 14:11; Доладалар 3:17.*

§† *22:5 а: ЕшаI-ЯхIу 60:19; б: Даниал 7:18.* §†† *22:11 Даниал 12:10.* §‡ *22:12 а: ЕшаI-ЯхIу 40:10; 62:11; б: Забур 27:4; ЕшаI-ЯхIу 40:10; Ярми-ЯхIу 17:10.* §‡† *22:13 а: Довзийтинарг 1:8; б: ЕшаI-ЯхIу 44:6; 48:12; Довзийтинарг 1:17; 2:8.* §† *22:14 Доладалар 2:9; 3:22; Довзийтинарг 7:14.* §‡ *22:16 ЕшаI-ЯхIу 11:1, 10.* §§† *22:17 ЕшаI-ЯхIу 55:1.*

Ша хьогах верг а схьавогIийла! Мала лууш волчо маьхза схьаоьцийла дахаран хи.

### Чаккхе

18 †Кху тептар тIехь дIаяздина долу Делера болчу хаамийн дешнаш хезаш волчу хIоранга а Аса дIахьедар до: «Нагахь цхьаммо кху дешнашна тIе цхьа хIума тIетохахь, Дала цу тептар тIехь бийцина болу массо а баланаш тIебоуьйтур бу цунна.

† *22:18, 19 Карлабахьккхинарг 4:2; 12:32.*

19 Нагахь кху тептар тIехь дIаяздина долчу Делера
болчу хаамийн дешнех цхьа хIума тIера дIадаккхахь, Дала кху тептар тIехь дийцина долчу дахаран диттехь а, иштта йийцинчу езачу гIалина чохь а дакъалацар дIадоккхур ду цуьнан».
20 Кху дерригенах а тоьшалла деш Волчо боху: «И
бакъ ду, Со кестта вогIур ву».

Амин. Волахьа, Веза Эла волу Iийса!

21 Веза Эла волчу Iийсан дика хуьлийла шуьца
даим а.